# БИБЛИ

# БИБЛИ

## СЫГЪДÆГ ФЫСТЫ ЧИНГУЫТÆ

### РАГОН ФÆДЗÆХСТ ÆМÆ НОГ ФÆДЗÆХСТ

УÆРÆСЕЙЫ БИБЛИЙЫ ÆХСÆНАД
БИБЛИЙЫ ТÆЛМАЦЫ ИНСТИТУТ
2022

УДК 22.05
ББК 86.37
Б 592

*Религиозное издание*

БИБЛИЯ

книги Священного Писания
Ветхий Завет и Новый Завет

**Б 592** Библи: Сыгъдæг Фысты чингуытæ: Рагон Фæдзæхст æмæ Ног Фæдзæхст. —
Мæскуы: Уæрæсейы Библийы Æхсæнад, Библийы тæлмацы институт, 2022. — 1152 ф.

Библия: книги Священного Писания: Ветхий Завет и Новый Завет [на осетинском языке]. —
Москва: Российское Библейское Общество, Институт перевода Библии, 2022. —1152 стр.

В настоящем издании Библии опубликованы канонические книги Священного Писания: Ветхий Завет и Новый Завет. Современный осетинский перевод осуществлен с опорой на древнееврейские и греческие тексты. В книгу также входит Глоссарий со списком ключевых терминов и некоторых собственных имён. Помимо этого, в каждой книге содержатся ссылки на термины, разночтения и т. д. с указанием на главы и стихи.

ISBN 978-5-85524-636-0

Перевод, комментарии, словарь
© Российское Библейское Общество, Институт перевода Библии, 2022

Карты © Объединенные Библейские общества, 2022

Оформление © Российское Библейское Общество, 2022

# Сæргæндтæ


Разныхас ........ 7

РАГОН ФÆДЗÆХСТ

Моисейы фыццаг чиныг. Райдиан ........ Райд ........ 13
Моисейы дыккаг чиныг. Рацыд ........ Рац ........ 58
Моисейы æртыккаг чиныг. Левит ........ Лев ........ 95
Моисейы цыппæрæм чиныг. Нымæцтæ ........ Ным ........ 122
Моисейы фæндзæм чиныг. Фæлхатгонд æгъдау ........ Фæл ........ 159
Нуны фырт Йешуайы чиныг ........ Нун ........ 193
Фæтæгты чиныг ........ Фæт ........ 216
Руфы чиныг ........ Руф ........ 239
Паддзахæдты фыццаг чиныг ........ 1 Пад ........ 243
Паддзахæдты дыккаг чиныг ........ 2 Пад ........ 273
Паддзахæдты æртыккаг чиныг ........ 3 Пад ........ 299
Паддзахæдты цыппæрæм чиныг ........ 4 Пад ........ 330
Азфыстыты фыццаг чиныг ........ 1 Азф ........ 359
Азфыстыты дыккаг чиныг ........ 2 Азф ........ 385
Езрайы чиныг ........ Езр ........ 419
Неемиайы чиныг ........ Неем ........ 429
Естеры чиныг ........ Ест ........ 443
Иовы чиныг ........ Иов ........ 450
Псаломты чиныг ........ Пс ........ 483
Соломоны æмбисæндты чиныг ........ Æмб ........ 568
Екклесиасты чиныг ........ Екк ........ 597
Зарджыты зарæг ........ Зар ........ 605
Пехуымпар Исайайы чиныг ........ Ис ........ 611
Пехуымпар Йеремиайы чиныг ........ Йер ........ 683
Йеремиайы хъарæг ........ Хъар ........ 735
Пехуымпар Езекиелы чиныг ........ Езек ........ 742
Пехуымпар Даниилы чиныг ........ Дан ........ 789
Пехуымпар Осиайы чиныг ........ Ос ........ 803
Пехуымпар Иоелы чиныг ........ Иоел ........ 810
Пехуымпар Амосы чиныг ........ Ам ........ 813
Пехуымпар Авадиайы чиныг ........ Авад ........ 819
Пехуымпар Ионæйы чиныг ........ Ионæ ........ 820
Пехуымпар Михейы чиныг ........ Мих ........ 822
Пехуымпар Наумы чиныг ........ Наум ........ 827
Пехуымпар Аввакумы чиныг ........ Авв ........ 829
Пехуымпар Софониайы чиныг ........ Соф ........ 832
Пехуымпар Аггейы чиныг ........ Агг ........ 835
Пехуымпар Захариайы чиныг ........ Зах ........ 837
Пехуымпар Малахиайы чиныг ........ Мал ........ 845

## НОГ ФÆДЗÆХСТ


Матфейы Евангели ........................ Мт ........................ 851
Маркы Евангели ........................ Мк ........................ 883
Лукайы Евангели ........................ Лк ........................ 902
Иоанны Евангели ........................ Ин ........................ 935
Апостолты хъуыддæгтæ ........................ Хъуыд ........................ 960
Апостол Павелы фыстæг ромæгтæм ........................ Ром ........................ 993
Апостол Павелы фыццаг фыстæг коринфæгтæм ........................ 1 Кор ........................ 1008
Апостол Павелы дыккаг фыстæг коринфæгтæм ........................ 2 Кор ........................ 1022
Апостол Павелы фыстæг галатæгтæм ........................ Гал ........................ 1031
Апостол Павелы фыстæг эфесæгтæм ........................ Эф ........................ 1036
Апостол Павелы фыстæг филиппæгтæм ........................ Флп ........................ 1041
Апостол Павелы фыстæг колоссæгтæм ........................ Кол ........................ 1045
Апостол Павелы фыццаг фыстæг фессалоникæгтæм ........................ 1 Фес ........................ 1049
Апостол Павелы дыккаг фыстæг фессалоникæгтæм ........................ 2 Фес ........................ 1052
Апостол Павелы фыццаг фыстæг Тимофеймæ ........................ 1 Тим ........................ 1054
Апостол Павелы дыккаг фыстæг Тимофеймæ ........................ 2 Тим ........................ 1058
Апостол Павелы фыстæг Титмæ ........................ Тит ........................ 1061
Апостол Павелы фыстæг Филимонмæ ........................ Фил ........................ 1063
Апостол Павелы фыстæг дзуттæгтæм ........................ Дзут ........................ 1065
Апостол Йаковы фыстæг ........................ Йак ........................ 1076
Апостол Петры фыццаг фыстæг ........................ 1 Пет ........................ 1080
Апостол Петры дыккаг фыстæг ........................ 2 Пет ........................ 1084
Апостол Иоанны фыццаг фыстæг ........................ 1 Ин ........................ 1087
Апостол Иоанны дыккаг фыстæг ........................ 2 Ин ........................ 1091
Апостол Иоанны æртыккаг фыстæг ........................ 3 Ин ........................ 1092
Апостол Иудæйы фыстæг ........................ Иудæ ........................ 1093
Иоанны æргомады чиныг ........................ Æрг ........................ 1095

Глоссарий ........................ 1113
Картæтæ ........................ 1133

# РАЗНЫХАС

### Цы у Библи?

Бердзенаг æвзагæй æрбайсгæ дзырд «Библи» нысан кæны «чингуытæ». Библи у, чырыстон традицийы Сыгъдæг Фыстыл кæй нымайынц, уыцы чингуыты æмбырдгонд.

Библи арæзт у дыууæ хайæ, сæ иу хуыйны Рагон Фæдзæхст, иннæ та – Ног Фæдзæхст.

Рагон Фæдзæхсты 39 чиныджы фыст æрцыдысты нæ д. а. 2 миназоны кæронæй нæ дуджы 1 миназоны кæронмæ рагдзуттаг æмæ арамейаг æвзæгтыл. Уыдон сæйрагдæр дзурынц Хуыцау æмæ израилаг адæмы ахастдзинæдтыл. Рагон Фæдзæхст æвдисы Израилы истори, израилаг æхсæнады дины æгъдæуттæ, фæтк æмæ уагæвæрдтæ, ис дзы зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæ æмæ кады зарджытæ Хуыцауæн, куывдтытæ æмæ рагуацтæ фидæны тыххæй, стæй бирæ æндæр ахæмтæ.

Фыццаг фондз чиныджы хуыйнынц Моисейы Фондзчиныгон, кæнæ та Моисейы Æгъдау – дзуттæгты рагисторийы уыцы адæймаг, куыд Хуыцау æмæ Йæ адæмы астæу æхсæны лæг, стыр æмæ вазыгджын хæс кæй сæххæст кодта, уымæ гæсгæ. Фондзчиныгоны фæстæ цæуынц израилæгты цардыл дзурæг чингуытæ, Дунедарæг сын басæттын æмæ сæхи бакæнын кæмæй загъта, уыцы зæххыл, стæй сæ фæтæгтæ æмæ паддзæхты уæлахизтæ æмæ састы хабæрттæ. Уыдоны фæстæ лæууынц, Хуыцауæн нын кад кæнын чи амоны, куырыхон зондыл нæ чи ахуыр кæны, уыцы поэтикон чингуытæ. Рагон Фæдзæхст фæвæййы Дунедарæджы Дзырд адæмæн хъусынгæнæг æмæ сæм Дунедарæгыл иузæрдион уæвынмæ сидæг пехуымпарты чингуытæй.

Ног Фæдзæхсты 27 чиныджы фыст æрцыдысты рагон бердзенаг æвзагыл, Чырыстийы райгуырды фæстæ, нæ дуджы 1-аг æнусы. Ног Фæдзæхсты бындур сты Дунейы Ирвæзынгæнæг Йесо Чырыстийы цард, ахуырад, амард æмæ райгасыл дзурæг цыппар Фарны Уацы, Евангелийы Цыппарчиныгон. Уый фæстæ лæууы Апостолты хъуыддæгты чиныг, уым дзырдæуы Йесойы уæларвмæссыды фæстæ чырыстон дзыллæйы фыццаг азтыл, стæй ма, Йæ ахуыргæнинæгтæ Фарны Уац Ромы империйы куыд хæлиу кодтой, уый тыххæй. Уыцы чиныджы фæстæ цæуынц, чырыстон къордтæ æмæ бæлвырд адæймæгтæм, сæ уырнындзинад сын фæфидар кæныны æмæ сæ Хуыцауæн фæндон фæндагыл саразыны охыл Чырыстийы ахуыргæнинæгтæ цы фыстæджытæ арвыстой, уыдон. Ног Фæдзæхст фæвæййы Иоанны æргомады чиныгæй. Уым фæсномыг ныхасы руаджы æргомгонд цæуы Хуыцауы уæлахиз, ныртæккæ Йæ ныхмæ цы тыхтæ лæууынц, уыдоныл.

### Библийы тæлмац ирон æвзагмæ

Библи фыст куы æрцыди, уæдæй нырмæ йæ тæлмац кæнынц æндæр æвзæгтæм. Дунейы æвзæгты нымæц æдæппæтæй у авд минмæ æвввахс, æмæ уыдонæй Библи æнæхъæнæй ныридæгæн цы æвзæгтыл ис, уыдоны нымæц та хæццæ кæны авдсæдæмæ. Уымæй уæлдай ма йæ хицæн хæйттæ дæр тæлмацгонд æрцыдысты æртæ минмæ æвввахс æндæр æвзæгтæм.

Сыгъдæг Фыст ирон æвзагмæ ратæлмац кæнын дæр, нырмæ чи никуыма æрцыд, ахæм хъуыддаг нæу. 1798 азы рухсмæ рацыди, традицимæ гæсгæ фыццаг ирон чиныг кæй хонæм, уыцы катехизис, æмæ уыцы ран мыхуыргонд æрцыдысты дæс фæдзæхсты, 50-æм псалом æмæ куывдтытæ.

Фарны Уацæн – Евангелийы Цыппарчиныгонæн – йæ тæлмац фыццаджыдæр баст у ивгъуыды зынгæ ирон поэт, дины семинарийы ахуыргæнæг, æхсæнадон архайæг æмæ рухстауæг Æгъуызаты (Гæбæраты) Иуанейы номимæ. Иуане йæ тæлмац рахуыдта «Сыгъдæг Евангели» (1823).

Ацы ран зæгъын æмбæлы, нæ фыдæлтæ æнусты дæргъы кæй пайда кодтой бердзенаг графикæйы быидурыл арæзт фыссынадæй. Уымæн æвдисæн – йæ фæзынд 941 азимæ кæмæн бæттынц, Зеленчукы цыртыл канд уыцы фыст нæ, фæлæ фæстаг рæстæджы ссаргæ ног наукон æрмæджытæ дæр. Ахуыргæндтæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй астæуккаг æнусты Аланийы аргъуаны уазлæггад дæр цыди мадæлон æвзагыл, фæлæ 1238 азы тæтæр-монгол Алани куы басастой, уæд нæ фыдæлтæн бамынæг ис сæ аргъуаны

рухс дæр, фесæфти сæ фыссынад дæр. Цыбыр дзырдæй, ирон фыссынадæн дæр, нæ фыдæлтæ æмæ сæ арæзт æрттивгæ паддзахадау, йæ хъысмæт бæллиццаг нæ рауад. Уымæ гæсгæ, Æгъуызаты Иуане дины чингуытæ ирон æвзагмæ тæлмац кæнынмæ куы бавнæлдта, уæд æй ног дамгъуаты сæр бахъуыд, æмæ йæ сарæзта гуырдзиаг графикæйы бындурыл. Уыцы дамгъуатæй Ирыстоны райдайæн дины скъолаты пайда кодтой, цалынмæ академик Андреас Шегрен XIX æнусы 40-æм азты уырыссаг дамгъуаты бындурыл ног ирон алфавит нæ сарæзта, уæдмæ. Шегрены алфавиты фæзынд ирон культурæйы рæзтæн стыр ахъаз фæци. Дины æмæ æхсæнадон кусджытæ, æвзаг иртасджытæ разæнгардæй бавнæлдтой Библи тæлмац кæнынмæ.

1848 Бетъырбухы мыхуыры рацыди «Стыды чиныг, кæнæ Псалтир», Тифлисы та – Евангелийы Цыппарчиныгон, дины семинары кусæг Мжедлов Григорийы тæлмацæй. Мжедловы тæлмац ма уый фæстæ азты дæр (1861, 1864), дины чингуытæ уадзæн комитеты уæнгтæ йыл бакуыстой, афтæмæй, ногæй джиппы рацыди.

1862 азы Тифлисы мыхуырæй рацыдысты Апостолты фыстæджытæ. Мадæлон æвзагмæ сæ раивта Цорæты Васили (Елдзарыхъо). Сыгъдæг Фыстæй егъау скъуыддзæгтæ ратæлмац кодтой архимандрит Йосиф (Чепиговский), сауджын Колыты Аксо æмæ дины бирæ æндæр кусджытæ.

Ссæдзæм æнусы райдианы, 1902 азы, Дзæуджыхъæуы мыхуырæй рацыди Евангелийы Цыппарчиныгоны ног, срастгонд рауагъд.

Кæд æмæ 1917 азы цауты фæстæ Библи тæлмац кæныныл Ирыстоны дæргъвæтин рæстæг ничиуал архайдта, уæддæр Хуыцауы Дзырд ирон чиныджы фыстæй фæсарæнтæй хæццæ кодта нæ адæммæ: 1923 азы Берлины репринтæй рацыди Евангелийы Цыппарчиныгон, 1927 азы та – Пехуымпар Даниилы чиныг, Байаты Гаппойы тæлмацæй. Гаппо ма ноджыдæр ратæлмац кодта Апостолты хъуыддæгтæ, Апостолты фыстæджытæ æмæ Æргомады чиныг, фæлæ сæ джиппы рауадзын, хъыгагæн, йæ къухы нал бафтыд, къухфыстæй йын баззадысты.

1973 азы Библийы тæлмацы институт репринтæй рауагъта, æнусы æрдæджы размæ цы тæлмац рацыди, уый – Евангелийы Цыппарчиныгон, 1981 азы – «Йесойы цард», 1993 азы та рухс фенын кодта, Евангелийы зæронд тæлмац æмæ Байаты Гаппойы тæлмацты бындурыл арæзт Ног Фæдзæхсты æххæст рауагъдæн.

1993 азы ирон евангелион чырыстæттæ æмæ Библийы тæлмацы институт ирон æвзагыл рауагътой Ног Фæдзæхст æмæ Псалтир. Уыцы аз ма Библийы тæлмацы институт джиппы рауагъта Сывæллæтты Библи дæр, 1996 азы та джиппы рацыди Маркы евангели, Уанеты Сурены тæлмацæй.

Уый фæстæ азты дæр ирон чырыстон адæмы зæрдæтæ срухс сты Библийы ног тæлмацтæй: Библийы тæлмацы институт 2004 азы мыхуырæй рауагъта Ног Фæдзæхст, 2006 азы – «Райдиан» æмæ «Рацыд», 2014 азы та – Псаломтæ. Æхсызгонæй сæмбæлдысты чиныгкæсджытæ, Уæрæсейы Библийы Æхсæнад 2011 азы цы фæлварæн рауагъд – Райдианы чиныджы ног тæлмац – ныммыхуыр кодта, ууыл дæр.

Зынаргъ чиныгкæсæг! Ныртæккæ дæ къухы цы чиныг ис, уый у Библийы æххæст (каноны чингуыты) æмбырдгонд. Ирон æвзагмæ йæ раивта æмæ йыл зæрдиагæй бакуыста тæлмацгæнджыты сæрмагонд сфæлдыстадон къорд. Уыцы къорды архайдтой Уæрæсейы Библийы Æхсæнад æмæ Библийы тæлмацы институты кусджытæ – ирон фысджытæ æмæ æвзагиртасджытæ, уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг ахуыргæндтæ, динахуырад æмæ тæлмацахуырады дæснытæ. Мыхуыры размæ тæлмацмæ бирæ хæттыты лæмбынæг каст æрцыди. Тæлмацгæнджыты къорд йæ сæйраг хæсыл нымадта дзуттаг, арамейаг æмæ бердзенаг оригиналты мидис иронау æнæ рæдыдæй равдисын. Ранæй-рæтты Библийы текст æнцон бамбарæн нæу, уымæн æмæ иуæй-иу рагон дзырдты мидис, рæстæг куыд цыди, афтæ ивта. Нырыккон культурæйы сын, кæддæр куыд уыди, бынтон уыцы нысаниуæг нал ис, æмæ уый аххосæй хъуыдыйæды мидис æндæр æвзагыл хатгай æнцон равдисæн нæ вæййы. Уымæ гæсгæ тæлмацгæнджытæ сæ куысты мидæг пайда кодтой бирæ алыхуызон æххуысгæнæн чингуытæ æмæ рагзаманты Хæстæг Скæсæны истори æмæ культурæйыл дзурæг æрмæджытæй. Рæгъмæ рахæссыны размæ сæ тæлмац абарстой Библийы бирæ æндæр, рагон æмæ нырыккон тæлмацтимæ. Цыбыр дзырдæй, цыфæндыйæ дæр архайдтой мидис æххæстæй равдисынмæ, æмæ ма уыимæ, цæмæй сæ тæлмац нырыккон рæсугъд æмæ аив литературон ирон æвзагыл уа, уымæ дæр гæнæн æмæ амалæй тырныдтой. Тæлмацыл кусын бахъуыди дæс æмæ ссæдз азæй фылдæр.

Текст сæртæ æмæ стихтыл дихгонд у уырыссаг Библийы Синодалон тæлмацы хуызæн, фæлæ хатгай дыууæ кæнæ æртæ стихы дæр баиу вæййынц, уымæн æмæ афтæмæй ирон æвзагыл ирддæрæй разыны мидис кæнæ цауты фæд-фæдыл равæрд (зæгъæм, Райд 23:17-18).

Библийы нæмттæй бирæтæ ирон культурæйы æрбынæттон сты, æмæ ацы Чиныджы дæр æмбæлынц, ирон æвзаджы куыд ныффидар сты, афтæмæй, иннæтæ та лæвæрд цæуынц сæ дзуттаг кæнæ бердзенаг хуызы, фæлæ, ирон æвзаджы домæнтæм гæсгæ, чысыл фæивгæйæ. Афтæ – адæмты, бæстæты, сахарты, дæтты æмæ æндæр ахæм нæмттæ дæр.

**Уæлæмхасæн æрмæг**

Чиныджы ис æхххуысгæнæг æрмæджытæ. Дызæрдыггаг нæу, чиныгкæсæгæн уыдон ахъаз кæй уыдзысты ацы рагон æмæ вазыгджын Чиныг хуыздæр бамбарынæн.

Библийы алы хицæн чиныджы размæ дæр ис разныхас. Уый æргом кæны чиныджы сæйраг темæтæ, цыбырæй дзуры йæ ныффыссæджы тыххæй æмæ, цы рæстæджы фыст æрцыди, уый фæдыл.

Чиныджы текст йæхимидæг дихгонд у скъуыддзæгтыл. Алы скъуыддзагæн дæр ис, йæ сæйраг мидис кæнæ темæ йын чи æргом кæны, ахæм сæргонд. Сæ мидис æндæр чингуыты (зæгъæм, Евангелийы кæнæ Паддзахæдты æмæ Азфыстыты) цы скъуыддзæгтæн фæлхатгонд цæуы, уыдоны сæргæндты бынмæ, къæлæтты мидæг, лæвæрд ис уыцы чингуытæм бацамындтытæ.

Чиныджы сыфтæн сæ фæзауты дæр ис, цæмæйдæр ацы бынаты хуызæн чи у, Библийы æндæр ахæм бынæттæм бацамындтытæ: уым дæр дзырдæуы ацы темæйыл, пайдагонд цæуы уыцы иу дзырдбастæй æмæ а. д.

Йесо Чырысти æмæ Ног Фæдзæхст ныффысджытæ арæх цитатæтæ хастой Рагон Фæдзæхстæй. Ахæм бынæттæ ацы тæлмацы бæрæггонд цæуынц курсивæй, Рагон Фæдзæхстмæ бацамынд та ис чиныджы сыфы фæзауы. Зæгъæм, Матфейы Евангелийы (1:23) æмбæлы цитатæ пехуымпар Исайайы чиныгæй (7:14). Фæлæ чиныгкæсæг хъуамæ йæ зæрдыл дара иу хъуыддаг: Ног Фæдзæхст чи ныффыста, уыдон цитатæтæ арæхдæр хастой дзуттаг æвзагыл фыст Рагон Фæдзæхстæн йæхицæй нæ, фæлæ йæ бердзенаг тæлмацæй – Септуагинтæйæ. Уымæ гæсгæ Ног Фæдзæхсты иуæй-иу цитатæты мидис хицæн кæны, Рагон Фæдзæхст ирон æвзагмæ цы дзуттаг текстæй тæлмацгонд æрцыди, уымæй. Дыкъæдзыгтæй бæрæггонд сты æрмæстдæр комкоммæ цитатæтæ.

Тексты мидæг дæлæрдыгæй ис хицæн стихты мидис æмбарынгæнæг дæлфыстытæ. Уыдонæй иутæ æргом кæнынц зынæмбарæн нæмттæ æмæ дзырдты мидис кæнæ та æвдисынц Библийы заманы культурон хицæндзинæдтæ, иннæтæ дзурынц, ацы стихæн ма æндæрхуызы куыд бамбарæн ис, уый тыххæй.

Чиныджы кæрон ис ахсджиаг дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты сæрмагонд дзырдуат æмæ Библийы заманы Хæстæг Скæсæн æвдисæг нывæцтæ.

Библи у, зæххы цъарыл цы чингуытæ ис, уыдонæн сæ диссагдæртæй иу. Уый нæ ахуыр кæны æндæрхуызон цæрын, æргом нын кæны, царды мидæг ахсджиагдæр цы у æмæ Хуыцауы цæсты бынтондæр цы нæ ахады, уый. Библийы фæлгонцтæ æмæ мотивтæ барджынæй æрцардысты дунеон культурæйы. Литературæ, нывкæнынад æмæ музыкæйы бирæ ис Библийы бындурыл арæзт зæрдæмæхъаргæ уацмыстæ. Чингуыты Чиныг у, алы фыссæг дæр кæмæ бæллы, дунеон литературæйы уыцы æрттиваг бæрзæнд. Фæлæ ма уымæй уæлдай уый у Хуыцауы ахастдзинæдты æрфыст адæмимæ, Хуыцауæн Йæхи æмæ Йæ фæндоны раргом. Библи æвдисæн лæууы адæймаг суæвæг Хуыцауы Дзырды цард æмæ ахуырадæн. Сыгъдæг Фысты мидис æхххæстæй раргом вæййы, йæ зæрдæмæ йæ литературон цыртдзæвæны хуызы чи райсы æмæ йын йæ литературон арæхстдзинадыл чи дис кæны, уыдонæн нæ, фæлæ йæ, Сфæлдисæг Йæ адæмæн цы зæгъынмæ хъавы, уый базоныны тыххæй йæ чи кæсы, уыдонæн. Мах зæрдæбынæй кувæм, цæмæй ацы тæлмац æхххæстæй фæхæццæ кæна ирон адæммæ Хуыцауы ныхас, Фарны Уац, цæмæй йæ сæ зæрдæмæ айсой æмæ сын æхххуысгæнæг уа æнæзæрдæхудт æмæ сабыр царды мидæг.

Уæрæсейы Библийы Æхсæнад æмæ Библийы тæлмацы институт стыр арфæ кæнынц ацы уаз Чиныджы тæлмацгæнджытæ æмæ редактортæн, стæй йын иннæ адæмæй дæр рухсмæ рауадзынмæ цæстуарзонæй алы æхххуыс чи бакодта, æппæт уыдонæн.

РАГОН ФÆДЗÆХСТ

# Моисейы фыццаг чиныг

# Райдиан

Библийы фыццаг фондз чиныджы хуыйнынц «Моисейы фондзчиныгон». Уыцы чингуыты дзырдæуы, израилаг адæм куыд равзæрдысты æмæ Хуыцау семæ фидыд куыд сарæзта, уый тыххæй. Фæлæ уыцы хабæрттыл дзурыны размæ ахсджиаг у, фыццаг адæймаг куыд равзæрди, уый базонын, стæй, уыцы фидыды сæр, æмткæй райсгæйæ, цæмæн бахъуыдис, уый бамбарын. Уыдæттыл та ныхас цæуы Библийы фыццаг чиныджы. Дзуттагау чиныг, йæ фыццаг дзырдтæм гæсгæ, хуыйны «Райдианы», мах æвзагыл та — «Райдиан».

Ацы чиныджы фыццаг 11 сæры мидис — разныхас дунейы æппæт историмæ. Хуыцау сфæлдыста ацы дуне æмæ адæймаджы, фæлæ адæймаджы Хуыцауимæ æмвæндæй цæрын нæ бафæндыд æмæ йæхи фæндаг равзæрста. Адæмы истори йæ райдианæй фæстæмæ фыдракæндтæй йемыдзаг уымæн у. Адæм сæ галиу митæй Хуыцауы сæхимæ афтæ смæсты кодтой, æмæ сæ Уый, рæстуд Нойы бинонтæй фæстæмæ, ииуылдæр фесæфта, цæмæй Нойæ ног адæмы мыггаг рацæуын кæна.

Чиныджы 12-æм сæрæй райдайы Хуыцауы æвзæрстытыл ныхас — Хуыцауы бафæндыд ирвæзыны фæндаг адæймагæн уыдоны фæрцы раргом кæнын. Авраам, Исаак, Йаков æмæ йæ дыууадæс фырты — израилаг хæдзарвæндæгты хистæрты — тыххæй кæм дзырдæуы, чиныджы уыцы бынæтты ссарæн ис Хуыцауы зæрдæбавæрдтæ Йæ адæмæн: сæ мыггаг сбирæ уыдзæни; Хуыцау сын зæрдæ цы зæххæй бавæрдта, уым æрцæрдзысты; зæххы цъарыл æппæт адæмтæн æцæгдзинад раргом кæндзысты. Æнаипп нæ уыдысты Хуыцауы æвзæрстытæ — лæмæгъдзинæдтæ сæм дзæвгар уыди, бирæ хæттыты-иу бацыдысты тæригъæды, фæлæ уæддæр фехъуыстой Хуыцауы сидт æмæ Йын æххæст кодтой Йæ бардзырдтæ.

Райдианы чиныг Библийы иннæ чингуыты 'хсæн бæрæг дары йæ алывæрсыг литературон æууæлтæй: кæм — бæрæгбоны зæрдæбын æмæ бæрзонд раныхас, кæм — цымыдисаг æмæ зæрдæмæхъаргæ архайд, кæм — хæдзарвæндæгты бæстон æрфыст, кæм — æмдзæвгæйы хуызы фыст рæсугъд арфæтæ.

---

**1** Райдианы Хуыцау сфæлдыста арв æмæ
зæхх. 2Зæхх уыди æдзæрæг æмæ афтид,
æнæбын тыгъдад уыди æмбæрзт саудалынгæй, Хуыцауы Уд та зылди доны сæрмæ.
3Æмæ Хуыцау загъта: «Уæд рухс!» Æмæ
фæзынди рухс. 4Хуыцау федта, рухс хорз
кæй у, уый æмæ йæ фæхицæн кодта тарæй.
5Хуыцау рухс схуыдта «бон», тар та — «æхсæв». Уыди изæр, уыди райсом — фыццаг
бон.
6Хуыцау загъта: «Доны мидæг уæд æрдынæг, æмæ иу дон хицæн кæнæд иннæмæй».
Æмæ сси афтæ. 7Хуыцау сфæлдыста æрдынæг
æмæ, æрдынæджы бынмæ цы дон уыд, уый
фæхицæн кодта, йæ сæрмæ цы дон уыди,
уымæй. 8Хуыцау æрдынæг схуыдта «арв».
Уыди изæр, уыди райсом — дыккаг бон.
9Хуыцау загъта: «Арвы бын цы дон ис, уый
æрæмбырд уæд иу ранмæ, æмæ разынæд
сур». Æмæ сси афтæ. 10Хуыцау сур схуыдта
«зæхх», дæттæ та схуыдта «денджызтæ».
Æмæ федта Хуыцау, афтæ хорз кæй у, уый.
11Хуыцау загъта: «Зæххæй сæвзæрæд зайæгойтæ: йæ мыггаг кæмæн згъæлы, ахæм
зайæгхæлттæ æмæ, йæ мыггаг йæ дыргъы
кæмæн ис, ахæм бæлæстæ, алы бæласæн дæр
йæхи хуыз куыд уа». Æмæ сси афтæ. 12Зæххæй сæвзæрди, йæ мыггаг кæмæн згъæлы,
ахæм зайæгхæлттæ, алкæмæн — йæхи хуыз,
æмæ, йæ мыггаг йæ дыргъы кæмæн ис, ахæм
бæлæстæ, алы бæласæн дæр — йæхи хуыз.
Æмæ федта Хуыцау, афтæ хорз кæй у, уый.
13Уыди изæр, уыди райсом: æртыккаг бон.
14Хуыцау загъта: «Арвыл фæзынæд рухсгæнæнтæ — бон æхсæвæй иртасынæн æмæ
бæрæг æмгъуыдтæ, бонтæ æмæ афæдзтæ нысан кæнынæн. 15Арвыл судзæнт, цæмæй сæ
рухс кæла зæхмæ». Æмæ сси афтæ. 16Хуыцау
сарæзта дыууæ стыр рухсгæнæны: стырдæр —
бонæн уаг æвæрынæн, къаддæр — æхсæвæн
уаг æвæрынæн, æмæ стъалытæ. 17Хуыцау
сæ сæвæрдта арвыл, цæмæй сæ рухс кæла
зæхмæ, 18бон æмæ æхсæвæн уаг æвæрынæн
æмæ бон æхсæвæй иртасынæн. Æмæ федта

Хуыцау, афтæ хорз кæй у, уый. [19]Уыди изæр,
уыди райсом: цыппæрæм бон.
[20]Хуыцау загъта: «Доны схæлбурцъ кæ-
нæнт алы цæрæг удтæ. Зæххы сæрмæ арвыл
атæхæнт мæргътæ». [21]Хуыцау сфæлдыста
денджызон стыр æбуалгъ цæрæгойтæ æмæ,
доны чи схæлбурцъ кодта, æндæр ахæм
змæлæгойтæ — алкæй дæр йæ мыггагмæ
гæсгæ, ноджы ма сфæлдыста алымыггаг
мæргътæ. Æмæ федта Хуыцау, афтæ хорз
кæй у, уый. [22]Æмæ сын раарфæ кодта: «Цот
уадзут æмæ сбирæ ут, æмæ уæ байдзаг уæнт
денджызтæ. Тæхгæ чи кæны, уыдон дæр
сбирæ уæнт зæххыл». [23]Уыди изæр, уыди
райсом: фæндзæм бон.
[24]Хуыцау загъта: «Зæххыл равзæрæд алы-
хуызон цæрæг удтæ: фос, лыстæг цæрæгой-
тæ, алымыггаг хъæддаг сырдтæ». Æмæ сси
афтæ. [25]Хуыцау сфæлдыста хъæддаг сырдты,
фос æмæ алы хилæгойты, алкæй дæр — йæ
мыггагмæ гæсгæ. Æмæ федта Хуыцау, афтæ
хорз кæй у, уый.
[26]Хуыцау загъта: «Сфæлдисæм адæйма-
джы, Нæхи хуызæн, Нæхи æнгæс куыд уа,
афтæ. Уадз æмæ æлдариуæг кæна денджы-
зы кæсæгтæн, уæларвон мæргътæн; æппæт
зæххыл — йæ алы фос, йæ алы хилæгойæн».
[27]Æмæ Хуыцау сфæлдыста адæймаджы, Йæ-
хи хуызæнæй, сфæлдыста йæ Хуыцауы ху-
ызæнæй, сфæлдыста нæлгоймаг æмæ сыл-
гоймаджы. [28]Хуыцау сын раарфæ кодта: «Цот
уадзут æмæ сбирæ ут, зæхх уæ байдзаг уæд
æмæ уæд уæ бар. Æлдариуæг кæнут денджы-
зы кæсæгтæ, уæларвон мæргътæ æмæ æппæт
зæххон цæрæгойтæн». [29]Хуыцау загъта: «Æз
уын хæрынæн дæттын, зæххы цъарыл мыг-
гаг чи дæтты, æппæт уыцы зайæгхал æмæ,
йæ мыггаг йæ мидæг кæмæн ис, æппæт уыцы
дыргътæ. [30]Зæхх æмæ арвыл цыдæриддæр
змæлæг ис, цыдæриддæр цæры æмæ улæфы,
уыдонæн та хæрынæн дæттын, зæххыл цы
цъæххал зайы, уый». Æмæ сси афтæ.
[31]Хуыцау æркасти, цыдæриддæр сфæл-
дыста, уымæ — алцыдæр уыд иттæг хорз.
Уыди изæр, уыди райсом — æхсæзæм бон.

**2** Афтæ сæнтысти дуне. [2]Æвдæм бонмæ
Хуыцау арæзт фæци Йе 'ппæт хъуыддæгтæ
æмæ уыцы бон æрæнцади Йæ алы куыстæй.
[3]Хуыцау арфæ ракодта æвдæм бонæн æмæ
йæ скодта уаз, уымæн æмæ уыцы бон Йе
'ппæт хъуыддæгтæй æрулæфыди.
[4]Гъе ахæм у арв æмæ зæхх сфæлдисыны
таурæгъ.

Дунедарæг Хуыцау зæхх æмæ арв куы
сфæлдыста, [5]уæд зæххыл нæма уыди нæ-
дæр къудзи, нæдæр зайæгхал, уымæн æмæ
Дунедарæг Хуыцау зæхмæ доны 'ртах нæма
æруагъта, зæххыл кусынмæ адæймаг дæр
нæма уыд, [6]фæлæ зæххæй уæлæмæ хъардта
дон æмæ йын æфсæста йе 'ппæт уæлцъар.
[7]Дунедарæг Хуыцау зæххы рыгæй сфæлдыста
адæймаджы, царды комулæфт дзы бауагъта,
æмæ адæймаг сси удгоймаг.
[8]Дунедарæг Хуыцау скæсæны, Едемы,
скодта дыргъдон æмæ дзы æрцæрын кодта
Йе сфæлдыст адæймаджы, Адамы. [9]Дунеда-
рæг Хуыцау зæххæй сзайын кодта, йæ уынд
зæрдæмæдзæугæ, йæ дыргъ та хæрынæн
бæзгæ кæмæн у, алы ахæм бæлæстæ, дыргъ-
доны астæу — царды бæлас, стæй хорз æмæ
æвзæр базоныны бæлас.
[10]Едемæй калди цæугæдон, донæй æфсæс-
та дыргъдон æмæ цыппар къабазæй згъорд-
та дарддæр. [11]Цæугæдæттæй сæ иуæн йæ
ном — Пишон. Уый кæлы сыгъзæринарæх
Хавилайы зæххыл, кæрæй-кæронмæ. [12]Уыцы
зæххæн йæ сыгъзæрины хъæд хорз у, ноджы
ма дзы ис хæрздæфгæнæн чъиу бдолах æмæ
зынаргъ дур оникс. [13]Иннæ — Гихон, кæлы
Кушы æппæт зæххыл. [14]Æртыккаг — Тигр,
кæлы Ассирийы скæсæйнаг фæрсты. Цып-
пæрæм у Евфрат.
[15]Дунедарæг Хуыцау Адамы æрцæрын
кодта Едемы дыргъдоны, цæмæй дзы змæ-
ла, зила йæм. [16]Ноджы ма йын бафæдзæхс-
та: «Дыргъдоны бæлæстæй кæцыфæнды-
йы дыргътæй дæр хæр, [17]æрмæст хорз æмæ
æвзæр базоныны бæласмæ ма бавнал. Йæ
дыргътæй йын куы фæхъæстæ уай, уæд уыцы
бон æрбамæлдзынæ».
[18]Дунедарæг Хуыцау загъта: «Адамæн хорз
нæу иунæгæй цæрын. Сфæлдисон ын йæхи
аккаг æххуысгæнæг».
[19]Дунедарæг Хуыцау зæххæй сæнтысын
кодта алы сырд æмæ алы маргъ, æрбакодта
сæ Адаммæ, цы нæмттæ сын ратдзæни, уый
фенынмæ. Алы цæрæгойыл дæр хъуамæ
баззадаид, адæймаг ын цы ном ратта, уый.
[20]Адам радта нæмттæ алы фос, алы уæларвон
маргъ æмæ алы зæххон цæрæгойæн. Фæлæ
уыдоны 'хсæн адæймагæн аккаг æххуыс-
гæнæг нæ разынд. [21]Æмæ уæд Дунедарæг
Хуыцау Адамыл бафтыдта тарф фынæй. Куы
бафынæй ис, уæд ын йæ фæрсчытæй иу сис-
та æмæ фæрсчы бынат сæхгæдта буарæй.

**2:8** *Адам* амоны «адæймаг», «нæлгоймаг», «адæймæгтæ», «адæм».

22 Адамæй цы фæрск систа, уымæй Дуне-
дарæг Хуыцау сфæлдыста сылгоймаджы
æмæ йæ æрбакодта Адаммæ. 23 Нæлгоймаг
загъта: «Мæнæ гъе, ай у мæ туг, ме стæгæй;
уый хуындзæни сылгоймаг, уымæн æмæ
нæлгоймагæй ист у».

24 Уымæ гæсгæ адæймаг ныууадздзæни йæ
фыд æмæ йæ мады, баиу уыдзæн йæ усимæ,
æмæ суыдзысты иу буар.

25 Сæ дыууæ дæр, нæлгоймаг æмæ йæ ус,
уыдысты мадард бæгънæг, фæлæ сæм уый
худинаг нæ касти.

**3** Дунедарæг Хуыцау кæй рафæлдыста,
уыцы зæххон цæрæгойты ’хсæн калмæй
хиндæр æмæ кæлæндæр нæ уыд. Æмæ уый
сылгоймаджы бафарста: «Æцæг уын загъта
Хуыцау, дыргъдоны цы бæлæстæ ис, уыдо-
нæй макæцыйы дыргътæй фæхъæстæ ут,
зæгъгæ?» 2 Сылгоймаг дзуапп радта: «Дыргъ-
тæй нын хæрыны бар ис. 3 Дыргъдоны ас-
тæу цы бæлас зайы, æрмæст нын уымæй
загъта Хуыцау, йæ дыргътæй йын ма бахæ-
рут, æвналгæ дæр сæм ма бакæнут, науæд
амæлдзыстут, зæгъгæ». 4 «Нæ амæлдзыс-
тут, — загъта калм сылгоймагæн. — 5 Фæлæ
Хуыцау зоны: куыддæр уыдонæй фæхъæстæ
уат, афтæ байгом уыдзысты уæ цæстытæ,
æмæ Хуыцауы æмсæр суыдзыстут, хорз æмæ
æвзæр цы сты, уый базондзыстут».

6 Сылгоймаг федта: бæласы дыргътæ хæры-
нæн бæззынц, сæ уындæй цæст рæвдауынц
æмæ ма уыимæ зондыл дæр æфтауынц. Æр-
тыдта æмæ дзы бахордта, йæ мойæн дæр дзы
радта, æмæ уый дæр бахордта. 7 Уыйадыл сæ
дыууæ дæр ракастысты сæ цæстæй, бæгънæг
кæй сты, уый федтой, æмæ легъуи бæласы
сыфтæй сæхицæн синæмбæрзæнтæ скодтой.
8 Изæры уддзæф куы æрбадымдта, уæд хъу-
сынц, æмæ Дунедарæг Хуыцау дыргъдоны
рацæуы. Адам æмæ йæ ус бæлæсты фæстæ
амбæхстысты. 9 Фæлæ Дунедарæг Хуыцау
фæсидт Адаммæ: «Кæм дæ?» 10 Уый Йын
дзуапп радта: «Дæ къахдзæфтæ дын куы
айхъуыстон дыргъдоны, уæд фыр тæссæй
бамбæхстæн, уымæн æмæ бæгънæг дæн».
11 Хуыцау æй фæрсы: «Чи дын загъта, бæгъ-
нæг дæ, уый? Тобæ дын цы бæласæй загътон,
уымæй ма саходай?» 12 Адамы дзуапп уыди:
«Ды мын цы усы радтай, уый мын бахæрын
кодта уыцы бæласы дыргътæй». 13 Дунеда-
рæг Хуыцау сылгоймаджы бафарста: «Уый
цы бакуыстай?» Сылгоймаг загъта: «Калм
мæ фæрæдийын кодта, æмæ дзы уымæн
бахордтон».

14 Уæд Дунедарæг Хуыцау калмæн загъта:
«Афтæ кæй бакодтай, уый тыххæй
æппæт цæрæгойты ’хсæн
æмæ, зæххыл цыдæриддæр змæлæг ис,
уыдоны ’хсæн æлгъыст дæ.
Дæ гуыбыны цъарыл бырдзынæ,
цард-цæрæнбонты рыг хæрдзынæ.

15 Мыггагмæ кæрæдзийæн знаг кæнын дæу
æмæ сылгоймаджы, дæ байзæддаг æмæ йæ
байзæддаджы. Уый дын цъæл кæндзæни
дæ сæр, ды та йын йæ зæвæтыл хæцдзынæ».

16 Сылгоймагæн Дунедарæг Хуыцау загъта:
«Де ’нхъæлцауы бонтæ
хъизæмаргæнгæ ’рвитдзынæ,
тухæнтæгæнгæ цот ардзынæ.
Дæ моймæ дæ ласдзæн дæ зæрдæ,
æмæ дын уый хицау уыдзæни».

17 Адамæн Дунедарæг Хуыцау загъта: «Дæ
усы коммæ кæй бакастæ æмæ дын тобæ цы
бæласæй загътон, уый дыргътæй кæй бахорд-
тай, уый тыххæй æлгъыст у зæхх дæу тыххæй.
Цæрæнбонты дзы исдзынæ
дæ къæбæр,
хъизæмæрттæ ’взаргæйæ.
18 Хæмпæлгæрдæг æмæ сындзытæ дын
æрзайын кæндзæн зæхх.
Сæтдзынæ де стонг
быдыры кæрдæгæй.
19 Тыллæгмондагæй калдзынæ
дæ сау хид,
цалынмæ, цы зæххæй ист æрцыдтæ,
уыцы зæхмæ бацæуай, уæдмæ,
уымæн æмæ ды сыджыт дæ
æмæ бафтдзынæ дæ сыджытыл».

20 Адам йæ усæн радта ном Евæ, уымæн
æмæ уый сси æппæт цæрджыты рагмад.
21 Дунедарæг Хуыцау Адам æмæ йæ усæн
скодта цæрмын дарæстæ.

22 Дунедарæг Хуыцау загъта: «Ныр адæй-
маг сси Мах хуызæн, хорз æмæ æвзæр цы
сты, уый зоны. Æмæ ныр царды бæласмæ
дæр куы фæныхила, йæ дыргъæй йын куы
бахæра æмæ æнусмæ куы цæра». 23 Æмæ
Дунедарæг Хуыцау рарвыста Адамы Еде-
мы дыргъдонæй, цы зæххæй ист æрцыди,
ууыл кусынмæ. 24 Ратардта адæймаджы æмæ
Едемы дыргъдоны цур, скæсæнæрдыгæй,
сæвæрдта херувимты æмæ, алырдæм чи
æвзиды, ахæм судзгæ-зилгæ кард — царды
бæласмæ фæндаг хъахъхъæнынæн.

**4** Адам æмуат æрцыд йæ ус Евæимæ.
Уый банхъæлцау ис, æмæ, йæ афон куы

**3:20** *Евæ* у, дзуттагау «цард» чи амоны, уыцы дзырды æнгæс.

ралæууыд, уæд ын райгуырди Каин. Евæ
загъта: «Дунедарæг мын радта ацы адæй-
маджы». 2Евæйæн ма фæстæдæр райгуырд
иу лæппу — Авел, Каины æфсымæр. Авел
хызта фысвос, Каин та кодта зæххы куыст.
3Цасдæр рæстæджы фæстæ Каин йæ зæххы
бæркадæй хуын æрбахаста Дунедарæгæн
лæварæн, 4Авел та — йæ дзуджы фыццаг
уæрыччыты фиуæй. Æмæ Дунедарæг айста
Авелы нывонд, 5Каины кувинæгтæ та нæ
айста. Æмæ йæ туг рафыхти Каинæн, йæ сæр
æруагъта фыр мæстæй. 6Дунедарæг бафарста
Каины: «Цæуыл мæсты кæныс? Дæ сæр цы
'руагътай? 7Кæд раст кæныс, уæд дæ сæрыл
уæлæмæ цæуылнæ схæцыс? Кæд нæ, уæд та
дæм тæригъæд дæ къæсæрыл æнхъæлмæ кæ-
сы, фæлæ йæ ды уæлæмæ скæсын ма бауадз».
8Каин йе 'фсымæр Авелмæ фæдзырдта.
Быдыры куы уыдысты, уæд Каин йе 'фсымæр
Авелмæ йæ кух систа æмæ йæ амардта. 9Ду-
недарæг бафарста Каины: «Кæм ис де 'фсы-
мæр Авел?» Уый дзуапп радта: «Нæ зонын.
Ме 'фсымæрæн гæс, мыййаг, дæн?» 10Дуне-
дарæг та бафарста: «Уый цы бакуыстай? Де
'фсымæры туг дыл зæххæй æвдисæн кæны.
11Дæ къухæй мард æфсымæры туг цы зæххы
ахъардта, уымæй æлгъыст æмæ хъодыгонд
дæ ныр. 12Кусдзынæ йыл, фæлæ дзы бæркад-
джын тыллæг нал райсдзынæ. Æнæкъона,
хæтæнхуагæй æрвитдзынæ дæ цард». 13Каин
Дунедарæгæн загъта: «Мæ азым афтæ стыр
у, æмæ йын ныффæразæн нæй. 14Гъеныр мæ
сурыс а зæххæй, æмæ цæуын, нал Дæм рав-
дисдзынæн мæхи. Æнæкъона, хæтæнхуагæй
æрвитдзынæн мæ цард. Чидæриддæр мыл
амбæла — амардзæн мæ». 15Дунедарæг ын
загъта: «Нæ. Исчи дæ куы амара, уæд йæ мыг-
гагæй авд ахæмы фæхъæудзæн». Æмæ Дуне-
дарæг нысан ныуагъта Каиныл, цæмæй йыл
чи амбæла, уыдонæй йæ мачи амара. 16Каин
рацыди Дунедарæджы цурæй æмæ Едемы
скæсæнварсНоды зæххыл цæугæцард кодта.
17Каин æрæмуат ис йæ усимæ. Уый бан-
хъæлцау ис, æмæ, йæ афон куы 'рцыд, уæд
ын райгуырди лæппу — Ханох. Каин са-
рæзта сахар æмæ йæ схуыдта Ханох, йæ
фырты номæй. 18Ханохæй райгуырд Ирад,
Ирадæй — Мехиаел, Мехиаелæй — Метуша-
ел, Метушаелæй — Ламех. 19Ламех æрхаста
дыууæ усы: иуæн йæ ном — Ада, иннæмæн
та — Циллæ. 20Ада ныййардта Йавалы. Уый
сси цатырты цæрæг фосдарджыты фыдæл.
21Йе 'фсымæр Иувал та — хъисфæндыртæ
æмæ уадындзтæй чи цагъта, уыдоны фыдæл.
22Циллæ ныййардта Тувал-Каины. Уый сси
куырд, æрхуы æмæ æфсæйнагæй алы дзаума
аразæг. Тувал-Каины хо — Наамæ.
23Ламех йæ устытæн загъта:

«Ада æмæ Циллæ,
　　æрбайхъусут ардæм!
Ламехы устытæ,
　　хъусут мæ ныхæстæм!
Æз амардзынæн, чи мæ фæцæф кæна,
　　уыцы лæджы.
Мæлæты амæттаг бакæндзынæн,
чи мæ ныццæва, уыцы лæппуйы.
24 Кæд Каины царды ныхмæ
　　авд лæджы хъуамæ амæла,
уæд Ламехы царды ныхмæ та —
　　æвдай авд».

25Адам та æрæмуат ис йæ усимæ. Уымæн
йæ афон куы 'рцыд, уæд ныййардта лæппу.
Сæвæрдта йыл ном Шет, уымæн æмæ, дам
мын, Каин кæй амардта, уыцы Авелы бæсты
Хуыцау ралæвар кодта æндæр байзæддаджы.
26Шетæн дæр райгуырди фырт, æмæ йыл сæ-
вæрдта ном Енош. Уыцы заман райдыдтой
Дунедарæджы ном арын.

**5** Мæнæ Адам æмæ йæ байзæддаджы цар-
ды хабæрттæ.

Хуыцау адæймаджы куы сфæлдыста, уæд
æй скодта Йæхи æнгæс, 2сфæлдыста нæл-
гоймаг æмæ сылгоймаджы. Раарфæ сын
кодта æмæ сæ се сфæлдисæн бон рахуыдта
«адæймæгтæ».

3Адамыл дæс æмæ æхсæзыссæдз азы
куы цыд, уæд ын райгуырди фырт, æмæ
йыл сæвæрдта ном Шет. Шет уыд йæ фыды
халдих, цæрмыстыгъд æй бакодта. 4Шеты
райгуырды фæстæ ма Адам фæцард астсæ-
дæ азы, æмæ ма йын рацыди фырттæ æмæ
чызджытæ. 5Æдæппæтæй та Адам фæцарди
фарастсæдæ æртын азы.

6Шетыл сæдæ фондз азы куы цыд, уæд ын
райгуырд Енош. 7Еноши райгуырды фæс-
тæ ма Шет фæцард астсæдæ авд азы, æмæ
ма йын рацыди фырттæ æмæ чызджытæ.
8Æдæппæтæй та Шет фæцарди фарастсæдæ
дыууадæс азы.

9Еношыл дæс æмæ цыппарыссæдз азы куы
цыд, уæд ын райгуырди Кеинан. 10Кеинаны
райгуырды фæстæ ма Енош фæцард астсæдæ
фынддæс азы, æмæ ма йын рацыди фырт-
тæ æмæ чызджытæ. 11Æдæппæтæй та Енош
фæцарди фарастсæдæ фондз азы.

12Кеинаныл дæс æмæ æртиссæдз азы куы
цыд, уæд ын райгуырди Махалаел. 13Маха-
лаелы райгуырды фæстæ ма Кеинан фæцард
астсæдæ цыппор азы, æмæ ма йын рацыди

фырттæ æмæ чызджытæ. 14Æдæппæтæй та
Кеинан фæцарди фарастсæдæ дæс азы.
15Махалаелыл фондз æмæ æртиссæдз азы
куы цыд, уæд ын райгуырд Йаред. 16Йареды
райгуырды фæстæ ма Махалаел фæцард
астсæдæ æртын азы, æмæ ма йын рацыди
фырттæ æмæ чызджытæ. 17Æдæппæтæй та
Махалаел фæцард астсæдæ нæуæдз фондз
азы.
18Йаредыл сæдæ æхсай дыууæ азы куы
цыд, уæд ын райгуырд Енох. 19Енохы рай-
гуырды фæстæ ма Йаред фæцард астсæдæ
азы, æмæ ма йын рацыди фырттæ æмæ чыз-
джытæ. 20Æдæппæтæй та Йаред фæцарди
фарастсæдæ æхсай дыууæ азы.
21Енохыл фондз æмæ æртиссæдз азы куы
цыд, уæд ын райгуырди Мефушал. 22Мефу-
шалы райгуырды фæстæ ма Енох фæцард
æртæсæдæ азы, Хуыцауæн коммæгæсæй,
æмæ ма йын рацыди фырттæ æмæ чызджы-
тæ. 23Енох æдæппæтæй фæцард æртæсæдæ
æхсай фондз азы. 24Фæцарди Хуыцауæн ком-
мæгæсæй, стæй зæххыл нал уыди — Хуыцау
Йæхимæ айста Енохы.
25Мефушалыл сæдæ æстай авд азы куы
цыд, уæд ын райгуырди Ламех. 26Ламехы
райгуырды фæстæ ма Мефушал фæцард
авдсæдæ æстай дыууæ азы, æмæ ма йын
рацыди фырттæ æмæ чызджытæ. 27Æдæп-
пæтæй та Мефушал фæцарди фарастсæдæ
æхсай фараст азы.
28Ламехыл сæдæ æстай дыууæ азы куы
цыд, уæд ын райгуырди фырт, 29æмæ йыл
сæвæрдта ном Ной. Афтæ загъта: «Уый мах
барæвдаудзæни нæ удхайраг куысты, Дуне-
дарæг кæй ралгъыста, уыцы зæххы бæрка-
дæй». 30Нойы райгуырды фæстæ ма Ламех
фæцарди фондзсæдæ нæуæдз фондз азы,
æмæ ма йын рацыди фырттæ æмæ чызджы-
тæ. 31Æдæппæтæй та Ламех фæцард авдсæдæ
æвдай авд азы.
32Нойыл фондзсæдæ азы куы цыд, уæд
ын райгуырд æртæ фырты: Сим, Хам æмæ
Йафет.

**6** Адæм зæххыл райдыдтой фылдæрæй-
фылдæр кæнын. Райгуырди сын чызджытæ.
2Хуыцауы фырттæ федтой, адæмæн сæ чыз-
джытæ рæсугъд кæй сты, уый, æмæ-иу дзы
йæ цæст чи кæуыл æрæвæрдта, уыимæ-иу
æмуат æрцыди. 3Уæд Дунедарæг загъта: «Æз
адæймагæн мыггагмæ нæ ныууадздзынæн
Мæ цардæттæг комулæфт, уымæн æмæ бу-
ар йеддæмæ ницы у. Йæ царды бонтæ уæнт
сæдæ дыууын азы». 4Уыцы заман æмæ уый
фæстæ дæр зæххыл цардысты уæйыгæнгæс
адæм, Хуыцауы фырттæн-иу зæххон чыз-
джытæй чи райгуырди, уыдон. Незаманты
цы хъуыддæгтæй фесгуыхтысты, уыдонæй
хъуыстгонд сты ныр дæр ма.
5Дунедарæг федта, адæймаг бынтондæр
кæй сæлгъаг, йæ сæрызонды фыдбылызæй
дарддæр кæй ницыуал баззад, уый, 6æмæ
æрфæсмон кодта, кæй йæ сфæлдыста, уыл.
Ныккæрзыдта Йæ зæрдæ, 7æмæ загъта: «Зæх-
хы цъарæй фесафдзынæн Ме сфæлдыст адæ-
мы. Никæйуал ныууадздзынæн удæгасæй —
нæдæр адæмы, нæдæр цæрæгойты, нæдæр
хилæгойты, нæдæр уæларвон мæргъты. Æр-
фæсмон кодтон, кæй сæ сфæлдыстон, уыл».
8Иунæг Ной фæцыди Дунедарæджы
зæрдæмæ.
9-10Мæнæ Нойы царды хабæрттæ. Уыди
йын æртæ фырты: Сим, Хам æмæ Йафет.
Рæстæвзар лæг уыди Ной, йæ заманы адæ-
мы 'хсæн — æнæкъæм. Царди Хуыцауæн
коммæгæсæй. 11Фæлæ зæхх Хуыцауы раз
сæнæуаг ис, фыдракæндæй байдзаг ис. 12Ху-
ыцау æркасти зæхмæ æмæ федта, зæхх куыд
сæнæуаг ис, уый: алы цæрæг уд дæр галиу
фæндагыл ныллæууыд.
13Æмæ Хуыцау загъта Нойæн: «Зæххыл
чидæриддæр цæры, уыдоны хъуамæ фе-
сафон: сæ фыдмитæй йæ байдзаг кодтой.
Бабын сæ кæндзынæн зæххимæ иумæ. 14Ды
та дæхицæн гофер бæласы хъæдæй нау сараз,
скæн дзы хатæнтæ, стæй йæ æдде æмæ ми-
дæгæй писийæ байсæрд. 15Сараз æй афтæ:
йæ дæргъ уæд æртæсæдæ æлмæрины, йæ
уæрх — дæс æмæ дыууиссæдз æлмæрины,
йæ бæрзæнд та — дæс æмæ ссæдз æлмæри-
ны. 16Сараз ын сæр æмæ йæ иу æлмæрины
бæрц уæлæмæ сис, наумæ рухс куыд цæуа,
афтæ. Науы уæд æртæ уæладзыджы, йæ иу
фарсыл — дуар. 17Æз зæххыл рауадздзы-
нæн доныхъаймæт, æмæ арвы бын царды
комулæфт кæмæдæриддæр ис, уыдоны се
'ппæты дæр фесафдзынæн, зæххон цæр-
джытæ бабын уыдзысты иууылдæр. 18Фæлæ
демæ сараздзынæн фидыд. Ды бахиздзынæ
наумæ — дæ фырттæ, дæ ус æмæ дæ чындзы-
тимæ. 19Зæххыл цыдæриддæр цæрæгойтæ
ис, уыдонæй алкæмæй дæр наумæ бакæн
къæйттæ, нæлтæ æмæ сылтæ, цæмæй уыдон
дæр демæ фервæзой. 20Алы мæргъты мыгга-
гæй æмæ алы зæххон цæрæгойты мыггагæй,
стырæй, чысылæй, демæ наумæ бацæуæнт
къæйттæ, цæмæй баззайой удæгасæй. 21Но-
джы ма демæ райс алы хойраг — дæхицæн
дæр æмæ уыдонæн дæр».

22 Ной æппæт дæр бакодта, Хуыцау ын
куыд бафæдзæхста, афтæ.

7 Дунедарæг Нойæн загъта: «Бахиз наумæ
дæ бинонтимæ. Ныры дуджы адæмæй Мæ
цæсты иунæг ды дæ рæстæвзар. 2 Цæрæгой-
тæн сæ сыгъдæджытæй демæ райс фæйнæ
авд къайы, сыгъдæг чи нæу, уыдонæй та —
фæйнæ иу къайы. 3 Уæларвон мæргътæй дæр
райс фæйнæ авд къайы. Уадз æмæ зæххыл
баззайа сæ мыггаг. 4 Авд боны фæстæ дыу-
уиссæдз боны æмæ дыууиссæдз æхсæвы
дæргъы зæххыл уадздзынæн къæвда. Æмæ
зæххы цъарæй фесафдзынæн, цæрæг удæй
цыдæриддæр сфæлдыстон, уыдон».
5 Ной æппæт дæр саразта, Дунедарæг ын
куыд бафæдзæхста, афтæ.
6 Зæххыл доныхъаймæт куы райдыдта,
уæд Нойыл цыдис æхсæзсæдæ азы. 7 Доны
хъаймæтæй Ной йæхи бафснайдта науы, йæ
фырттæ, йæ ус æмæ йæ чындзытæ дæр — йе-
мæ. 8 Сыгъдæг æмæ æнæсыгъдæг цæрæгойтæ,
ноджы ма мæргътæ æмæ алы хилæгойтæ
9 Нойы наумæ бахызтысты къæйттæ, нæлтæ
æмæ сылтæ — Хуыцау Нойæн куыд бафæ-
дзæхста, афтæ.
10 Авд боны фæстæ зæххыл райдыдта до-
ныхъаймæт. 11 Нойæн йæ царды æхсæзсæдæ
фыццæгæм азы дыккаг мæй куы ралæууыди,
уæд, æвддæсæм бон, стыдтой дæлзæхх доны
æппæт гуырæнтæ, фегом сты арвы дуæрттæ,
12 æмæ зæхмæ калди тыгъдызæй — дыууис-
сæдз боны æмæ дыууиссæдз æхсæвы.
13 Тæккæ уыцы бон бахызтысты наумæ
Ной, йæ фырттæ Сим, Хам æмæ Йафет, стæй
йæ ус æмæ йæ чындзытæ. 14 Семæ бакодтой
сырд æмæ фосы алы мыггагæй, хилæгой
æмæ маргъы алы мыггагæй. 15 Цæрæг удæй
цыдæриддæр ис, се 'ппæт дæр æрбацыдыс-
ты Ноймæ æмæ къайгай бахызтысты наумæ.
16 Цæрæгойтæн сæ алы мыггагæй дæр ба-
хызти нæлтæ æмæ сылтæ — Хуыцау Нойæн
куыд бафæдзæхста, афтæ. Æмæ Дунедарæг
дуар сæхгæдта Нойы фæдыл.
17 Зæххыл доныхъаймæт абухта дыууис-
сæдз боны. Дон сбирæ ис æмæ зæххы сæрмæ
систа нау. 18 Дон æфсæрста æмæ тынг сбирæ
ис зæххыл, æмæ нау цыди доныл. 19 Дон афтæ
тынг сабузта, æмæ, арвы бын бæрзонд хохæй
цыдæриддæр уыди, уыдон доны бын фесты:
20 фынддæс æлмæрины фæуæлдæр ис дон
æппæты бæрзонддæр хæхтæй.
21 Бабын ис зæххыл цæрæг алы уд дæр:
мæргътæ, фос, сырдтæ æмæ, зæхх бæз-бæз
кæмæй кодта, уыцы хилæгойтæ, стæй адæм
иууылдæр. 22 Зæххы цъарыл царды комулæфт
кæй мидæг уыди, уыдон се 'ппæт дæр бабын
сты. 23 Зæххыл цæрæг удæй цыдæриддæр
уыд — адæмæй, стыр æмæ чысыл цæрæгойæ,
уæларвон маргъæй — мæлæты хъуыры аир-
вæзтысты. Иууылдæр зæххы цъарæй сæфт
æрцыдысты. Æрмæст ма баззади Ной æмæ,
йемæ науы чи уыди, уыдон. 24 Ныр дон та зæх-
хы сæрмæ абузта дæс æмæ авдыссæдз боны.

8 Фæлæ Хуыцау нæ ферох кодта Нойы, стæй,
йемæ науы чи уыд, æппæт уыцы сырдтæ
æмæ фосы — зæххыл рауагъта дымгæ, æмæ
дон сысын байдыдта. 2 Æхгæд æрцыдысты
дæлзæхх доны æппæт гуырæнтæ æмæ арвы
дуæрттæ, тыгъдызæй банцади. 3 Дон чысыл-
гай зæххы цыди. Хъаймæты райдианæй дæс
æмæ авдыссæдз боны куы аивгъуыдта, уæд
дон дзæвгар фæкъаддæр ис, 4 æмæ æвдæм
мæйы æвддæсæм бон нау æрæнцад Араратты
хæхтыл. 5 Дон къаддæргæнгæ цыди дæсæм
мæйы онг, дæсæм мæйы фыццаг бон разын-
дысты хæхты цъуппытæ.
6 Дыууиссæдз боны фæстæ Ной байгом
кодта, науæн цы рудзынггонд саразта, уый,
7 æмæ рауагъта сынты. Уый æддæмæ-мидæ-
мæ кодта, цалынмæ зæхх æрсур ис, уæдмæ.
8 Ной рауагъта бæлоны, дон зæххы ахъард-
та æви нæ, уый базонынмæ, 9 фæлæ бæлон
фæстæмæ æрбатахти, уымæн æмæ не ссард-
та, кæм æрбада, уый. Зæххы уæлцъар нырма
иууылдæр доны бын уыди. Ной йæ къух
радардта æмæ бæлоны æрбайста йæхимæ,
наумæ. 10 Банхъæлмæ каст авд боны æмæ та
бæлоны рауагъта. 11 Бæлон æм изæры фæс-
тæмæ æрбатахт, йæ дзыхы оливæ бæласы
цъæх сыфтæр, афтæмæй; æмæ Ной базыдта,
дон зæххы кæй ахъардта, уый. 12 Ноджыдæр
ма банхъæлмæ каст авд боны æмæ та бæло-
ны рауагъта, æмæ йæм ацы хатт бæлон нал
æрбаздæхти фæстæмæ.
13 Нойыл æхсæзсæдæ иу аз куы сæххæст
ис, уый хæдфæстæ хъаймæты дон зæххæй
ацыди. Ной науы сæр систа æмæ федта: зæх-
хыл хъаймæты донæй ницыуал баззади.
14 Дыккаг мæйы авд æмæ ссæдзæм бонмæ
зæхх бахус ис.
15 Хуыцау Нойæн загъта: 16 «Науæй рахиз
дæ ус, дæ фырттæ æмæ дæ чындзытимæ.
17 Демæ ракæн æппæт зæххон цæрæгойты
дæр, стырæй, чысылæй, стæй мæргъты. Уадз
æмæ зæххæн уæз кæной — цот уадзой æмæ
сбирæ уой».
18 Æмæ Ной рахызти йæ фырттимæ, йæ
ус æмæ йæ чындзытимæ. 19 Стæй науæй

мыггаггай рацыдысты æппæт сырдтæ, фос,
мæргътæ æмæ алы хилæгойтæ.
20Ной Дунедарæгæн сарæзта нывонд-
хæссæн. Уый фæстæ райста алы сыгъдæг
фосæй æмæ алы сыгъдæг мæргътæй æмæ
йыл æрхаста иууылсудзинаг нывæндтæ.
21Дунедарæгмæ схæццæ ис æхцон хæрздæф,
æмæ загъта Йæхицæн: «Адæймаджы тыххæй
нал ралгъитдзынæн зæхх, кæд йе 'взонгæй
фæстæмæ йæ зæрдæ фыдбылызмæ æмхиц
у, уæддæр. Æппæт цæрæг удты никуыуал
фесафдзынæн, доныхъаймæт нал æрцæу-
дзæни зæххыл.

22Цалынмæ зæхх уа, уæдмæ
таудзысты æмæ кæрддзысты,
скæндзæн-иу хъызт
æмæ æнтæф рæстæджытæ,
уыдзæни сæрд æмæ зымæг,
бон æмæ æхсæв».

**9** Хуыцау раарфæ кодта Ной æмæ йæ фырт-
тæн. Загъта сын: «Цот уадзут æмæ сбирæ ут,
зæхх уæ байдзаг уæд. 2Тæрсæнт уæ æппæт
сырдтæ, фос, уæларвон мæргътæ, хилæгойтæ
æмæ денджызы кæсæгтæ. Уæ бæрны уын сæ
кæнын. 3Цæрæгойы мыггагæй цыдæриддæр
ис, уыдон уын дæттын хæрынæн, айразмæ
уын алы зайæгхал куыд радтон, афтæ. 4Фы-
дызгъæл хæрыны бар уын ис, фæлæ туджы
хъæстæ ма фæут, уымæн æмæ туджы ис
цард. 5Æмæ уæхи туг, — уæ цард кæй ми-
дæг ис, — уый дæр хъуамæ макуы ныккæла.
Иунæг адæймаджы туг дæр Мын æнæистæй
нæ баззайдзæни — сырдæй уа, адæймагæй
уа. 6Адæймаджы туг чи ныккала, уый туг
ныккæлдзæн адæймаджы къухæй, уымæн
æмæ йæ Хуыцау Йæхи æнгæс сфæлдыста.
7Цот уадзут уæдæ, æмæ сбирæ ут, зæххæн
уæз куыд кæнат, афтæ».
8Хуыцау загъта Ной æмæ йæ фырттæн:
9«Абон Æз фидыд аразын уемæ æмæ уæ бай-
зæддæгтимæ, 10стæй ма цæрæг удæй уемæ
цыдæриддæр ис, уыдонимæ: мæргътимæ,
фосимæ æмæ сырдтимæ — науæй рацæуæг
æппæт зæххон цæрæгойтимæ. 11Уемæ ара-
зын фидыд: никуыуал бабын кæндзынæн
æппæт цæрæг удты, доныхъаймæт нал æр-
цæудзæни зæххыл».
12Хуыцау ма загъта: «Мæнæ, сымахимæ
æмæ ма уемæ цæрæг удæй цыдæриддæр
ис, уыдонимæ мыггагмæ цы фидыд аразын,
уый нысан: 13æврæгътыл æвæрын Ме 'рдын —
арвæрдын. Уый уыдзæни Мæн æмæ зæххы
'хсæн фидыды нысан. 14Зæххы сæрмæ-иу
æврæгътæ куы рауадзон æмæ-иу æврæгътыл
арвæрдын куы фæзына, 15уæд-иу Мæ зæрдыл
æрлæудзæни, уемæ æмæ алы цæрæгоимæ цы
фидыд сарæзтон, уый, æмæ нал уыдзæни
доныхъаймæт — æппæт цæрæг удты сафæг.
16Æврæгътыл-иу арвæрдын куы фæзына,
уæд-иу æй Æз фендзынæн æмæ-иу Мæ зæр-
дыл æрлæудзæни, зæххыл цæрæг удæй цы
ис, Хуыцау уыдонимæ мыггагмæйы фидыд
кæй сарæзта, уый». 17Хуыцау загъта Нойæн:
«Гъе уый — æппæт зæххон цæрæг удтимæ
цы фидыд аразын, уый нысан».
18Нойы фырттæ, науæй чи рацыди, уыдон:
Сим, Хам æмæ Йафет. Хам уыди Ханааны
фыд. 19Ацы æртæ уыдысты Нойы фырт-
тæ — зæххон адæм иууылдæр уыдонæй
равзæрдысты.
20Ной ныллæууыди зæххы куыстыл. Фыц-
цаг сæндон уый сарæзта. 21Иуахæмы ба-
нуæзта сæн, барасыг ис æмæ бæгънæгæй
хуыссыди йæ цатыры. 22Афтæмæй йæ федта
Хам, Ханааны фыд, æмæ йæ радзырдта йæ
дыууæ æфсымæрæн. 23Уæд Сим æмæ Йафет
райстой пæлæз, сæ уæхсчытыл æй æрба-
кодтой, чъылдымыздæхтæй бацыдысты
сæ фыдмæ æмæ йæ æрæмбæрзтой. Се 'ргом
иннæрдæм здæхт уыд, æмæ сæ фыды бæгъ-
нæгæй нæ федтой.
24Ной куы æрæрвонг ис, уæд базыдта, йæ
кæстæр фырт ын цы бакуыста, уый, 25æмæ
загъта:

«Æлгъыстаг фæуæд Ханаан!
Йе 'фсымæрты цагъартæн —
сæ дæлдæр!»

26Загъта ма:

«Арфæгонд уæд Дунедарæг,
Симы Хуыцау!
Ханаан йæ цагъар суæд Симæн!
27Йафетæн парахат зæхх бауарзæд
Хуыцауы цæст,
æмæ Симы цатырты æрцæрæд!
Йафетæн дæр
суæд йæ цагъар Ханаан!»

28Доны хъаймæты фæстæ ма Ной фæцар-
дис æртæсæдæ фæндзай азы. 29Æмткæй
райсгæйæ та Ной фæцарди фарастсæдæ
фæндзай азы, стæй амард.

**10** Мæнæ Нойы фырттæ Сим, Хам æмæ
Йафеты хæдзарвæндаг. Доны хъаймæты
фæстæ сын рацыди цот.
2Йафеты фырттæ: Гомер, Магог, Мадай,
Йаван, Тувал, Мешех, Тирас. 3Гомеры
фырттæ: Ашкеназ, Рифат, Тогарма. 4Йава-
ны байзæддæгтæ: Елиша, Таршиш, китти-
мæгтæ, доданæгтæ. 5Уыдонæй равзæрдысты,

денджызы сакъадæхтыл чи æрцарди, уыцы
адæмтæ.
Гъе адон сты Йафеты байзæддæгтæ. Цы
адæмыхæттытæ сæ равзæрди, уыдон се
’ппæт дæр дих кодтой хицæн мыггæгтыл.
Алы адæмыхаттæн дæр уыдис йæхи зæхх
æмæ йæхи æвзаг.
6Хамы фырттæ: Куш, Мицраим, Пут,
Ханаан.
7Кушы фырттæ: Сева, Хавила, Савта, Раама,
Савтеха. Раамайы фырттæ: Сава æмæ Дедан.
8Кушæй ма райгуырди Нимрод, зæххыл
фыццаг бæгъатыр. 9Дунедарæджы раз уыди
æрдхæрæны цуанон. Уымæн фæзæгъынц,
Нимродау æрдхæрæны цуанон у Дунедарæ-
джы раз, зæгъгæ. 10Нимроды паддзахадмæ
хаудтой раздæр Вавилон, Ерех, Аккад æмæ
Калне, се ’ппæт дæр — Шинары зæххыл. 11Уы-
цы зæххæй ацыди Ассиримæ, æмæ уым
сарæзта сахартæ Ниневи, Реховот-Ир æмæ
Калах, 12нодджы ма Ресен, Ниневийæ Калахы
’хсæн. Калах зындгонд сахар у.
13Мицраимæй рацыдысты: лудæгтæ,
анамæгтæ, лехавæгтæ, нафтухæгтæ, 14пат-
русæгтæ, каслухæгтæ æмæ кафторæгтæ.
Кафторæгтæй равзæрдысты филистимæгтæ.
15Ханааны байзæддæгтæ: йæ хистæр — Си-
дон, уый кæстæр — Хет, 16нодджы ма — йеву-
сæгтæ, аморæгтæ, гиргашæгтæ, 17хиввæгтæ,
аркæгтæ, синæгтæ, 18арвадæгтæ, цемарæгтæ
æмæ хаматæгтæ. Фæстæдæр ханаанаг мыг-
гæгтæ ахæлиу сты алы рæтты: 19сæ зæххытæ
Сидонæй Герары ’рдæм æххæссыдысты Газæ-
йы онг, Содом, Гоморрæ, Адма æмæ Цевои-
мы ’рдæм та — Лешайы онг. 20Адон — Хамы
байзæддæгтæ. Алкæмæй дæр дзы равзæрди
хицæн адæмыхатт — йæхи æвзаг æмæ йæхи
зæххы хайыл цæрæг знæмтимæ.
21Цот рацыди Симæн дæр. Уый у Еверы
æппæт байзæддæгты фыдæл, Йафеты хис-
тæр æфсымæр. 22Симы байзæддæгтæ: Елам,
Ассир, Арфахсад, Луд, Арам. Алкæмæй дæр
дзы равзæрди хицæн адæмыхатт — йæ-
хи æвзаг æмæ йæхи зæххы хайыл цæрæг
знæмтимæ.
23Арамы байзæддæгтæ: Уц, Хул, Гетер,
Маш.
24Арфахсадæн райгуырди Шелах, Шела-
хæн райгуырд Евер. 25Еверæн райгуырди
дыууæ фырты: сæ иу хуынди Пелег. Ахæм
ном ыл сæвæрдтой, зæхх уыцы рæстæджы
уæрст кæй æрцыди, уымæ гæсгæ. Йе ’фсы-
мæр хуынди Йоктан. 26Йоктанæн райгуыр-
дысты Алмодад, Шелеф, Хацармавет, Йарах,
27Хадорам, Узал, Дикла, 28Овал, Авимаел,
Сава, 29Офир, Хавила, Йовав. Адон ииуыл-
дæр уыдысты Йоктаны байзæддæгтæ. 30Сæ
цæрæн бынæттæ æххæссыдысты Мешайæ
скæсæйнаг хæхбæстæ Сефары онг. 31Адон
сты Симы байзæддæгтæ. Цы адæмыхæттытæ
сæ равзæрди, уыдон иууылдæр дих кодтой
хицæн мыггæгтыл. Алы адæмыхаттæн дæр
уыд йæхи зæхх æмæ йæхи æвзаг.
32Æппæт ацы нæмттæй хуыдтой, Нойы
фырттæ æмæ сæ байзæддагæй зæххыл до-
ныхъаймæты фæстæ чи ахæлиу ис, уыдонæй
рацæугæ знæмтæ æмæ адæмыхæттыты.

**11** Æппæт дунейы адæм дзырдтой иу æв-
загыл, пайда кодтой уыцы иу дзырдтæй.
2Скæсæнæрдæм цæугæйæ, адæм бахæццæ
сты Шинары зæххыл иу дæлвæзмæ æмæ уым
æрцардысты. 3Бауынаффæ кодтой: «Скæнæм
агуыридуртæ». Æмæ хуымæтæг дурты бæсты
аразын райдыдтой агуыридуртæй, чъыры
бæсты та пайда кодтой писийæ. 4Загътой:
«Цæй æмæ ном скæнæм нæхицæн — сара-
зæм сахар, уæлæрвтæм чи æххæсса, ахæм
мæсыгимæ, цæмæй æгас зæххы цъарыл ма
ныххæлиу уæм».
5Уæд Дунедарæг æрцыд, адæм кæй арæз-
той, уыцы сахар æмæ мæсыг фенынмæ. 6Ду-
недарæг загъта: «Мæнæ — иу адæм, се ’ппæ-
тæн дæр — иу æвзаг. Цы аразынц, уый нырма
сæ хъуыддæгты райдиан у æрмæст. Ныр сæ
уромæг нал бауромдзæни, цæмæ нæ бавна-
лой — алцыдæр сын бантысдзæнис. 7Гъемæ
сæм ныццæуæм æмæ сын се ’взаг схъомпал
кæнæм, сæ кæрæдзийы куыннæуал æмба-
рой». 8Æмæ сæ Дунедарæг уырдыгæй, сæ
сахар кæронмæ арæзт нæ фæцис, афтæмæй
ныххæлиу кодта æгас зæххы цъарыл. 9Уымæ
гæсгæ ацы сахар хонынц Вавилон. Дунеда-
рæг уым схæццæ кодта æппæт адæмы æвзаг
æмæ сæ уырдыгæй ныххæлиу кодта æгас
зæххы цъарыл.
10Мæнæ Симы хæдзарвæндаг. Симыл
фондзыссæдз азы куы цыд, уый та уыди
доныхъаймæтæй дыууæ азы фæстæдæр,
уæд ын райгуырд Арфахсад. 11Арфахсады
райгуырды фæстæ ма Сим фæцарди фондз-
сæдæ азы, æмæ ма йын рацыди фырттæ
æмæ чызджытæ.
12Арфахсадыл фынддæс æмæ ссæдз азы
куы цыд, уæд ын райгуырди Шелах. 13Шела-
хы райгуырды фæстæ ма Арфахсад фæцарди
цыппарсæдæ æртæ азы, æмæ ма йын рацыди
фырттæ æмæ чызджытæ.
14Шелахыл дæс æмæ ссæдз азы куы цыд,
уæд ын райгуырд Евер. 15Евер ын куы

райгуырди, уый фæстæ ма Шелах фæцар-
ди цыппарсæдæ æртæ азы, æмæ ма йын
рацыди фырттæ æмæ чызджытæ.
16Еверыл цыппæрдæс æмæ ссæдз азы куы
цыд, уæд ын райгуырди Пелег. 17Пелег ын
куы райгуырди, уый фæстæ ма Евер фæцар-
ди цыппарсæдæ æртын азы, æмæ ма йын
рацыди фырттæ æмæ чызджытæ.
18Пелегыл дæс æмæ ссæдз азы куы цыд,
уæд ын райгуырди Рагав. 19Рагав ын куы
райгуырди, уый фæстæ ма Пелег фæцарди
дыууæсæдæ фараст азы, æмæ ма йын рацы-
ди фырттæ æмæ чызджытæ.
20Рагавыл дыууадæс æмæ ссæдз азы куы
цыд, уæд ын райгуырди Серух. 21Серух ын
куы райгуырди, уый фæстæ ма Рагав фæ-
царди дыууæсæдæ авд азы, æмæ ма йын
рацыди фырттæ æмæ чызджытæ.
22Серухыл дæс æмæ ссæдз азы куы цыд,
уæд ын райгуырди Нахор. 23Нахор ын куы
райгуырди, уый фæстæ ма Серух фæцар-
ди дыууæсæдæ азы, æмæ ма йын рацыди
фырттæ æмæ чызджытæ.
24Нахорыл фараст æмæ ссæдз азы куы
цыд, уæд ын райгуырди Терах. 25Терах ын
куы райгуырди, уый фæстæ ма Нахор фæ-
царди сæдæ нудæс азы, æмæ ма йын рацыди
фырттæ æмæ чызджытæ.
26Терахыл дæс æмæ æртиссæдз азы куы
цыд, уæд ын райгуырдысты Аврам, Нахор
æмæ Аран.
27Мæнæ Терахы байзæддæгтæ. Терахæн
райгуырди фырттæ: Аврам, Нахор æмæ Аран.
Аранæн райгуырди Лот. 28Аран амарди йæ
райгуырæн зæххыл, халдейаг Уры. Йæ фыд
Терах ма уæд æгас уыд. 29Аврам æмæ Нахор
æрхастой устытæ. Аврамы усы ном — Сарæ,
Нахоры усы ном та — Милка. Милка æмæ йæ
хо Иска уыдысты Араны чызджытæ. 30Сарæ
уыд æнæзæнæг, цот ын нæ цыди.
31Терах халдейаг Урæй араст ис Ханааны
зæхмæ йæ фырт Аврам æмæ Араны фырт
Лотимæ. Семæ ма уыди Терахы чындз Сарæ,
Аврамы ус. Фæлæ Хараны сахармæ куы ба-
хæццæ сты, уæд уым æрцардысты. 32Терах
амарди Хараны, дыууæсæдæ фондз азы йыл
цыдис, афтæмæй.

**12** Дунедарæг загъта Аврамæн: «Ныууадз
дæ бæстæ, дæ хионты, дæ фыды хæдзар æмæ
ацу, Æз дын цы зæхх бацамонон, уырдæм.
2Æз дын раарфæ кæндзынæн, дæуæй ранты-
сын кæндзынæн разагъды адæм, скадджын
дын кæндзынæн дæ ном, æмæ дæ фæрцы
алчидæр базондзæни, Мæ арфæ цы у, уый.
3Арфæ дын чи ракæна, уыдонæн Æз дæр
раарфæ кæндзынæн, чи дæ рафауа, уыдоны
та æлгъыстаг фæкæндзынæн. Дæ фæрцы
арфæгонд уыдзысты æппæт адæмтæ дæр».
4Аврам бакодта, Дунедарæг ын куыд загъ-
та, афтæ. Йемæ рацыди Лот дæр. Аврамæн,
Харан куы ныууагъта, уæд йæ фынддæс
æмæ æртиссæдз азы йæхи фесты. 5Аврам
йемæ ракодта йæ ус Сарæйы, йе ’фсымæры
лæппу Лоты, стæй йемæ райста, Хараны
сæм цы мулк æрæмбырд, уый. Йемæ ма ра-
кодта, цы цагъартæ йæм уыд, уыдоны дæр
æмæ семæ араст ис Ханааны зæхмæ; кæд-
дæр-кæддæр æм бахæццæ сты. 6Ханааны
зæххыл сæ фæндаг адардтой æмæ бафты-
дысты Шехеммæ, Морейы тулдз кæм уыди,
уыцы бынатмæ. Уыцы зæххыл уæды заман
ханаанæгтæ цардысты, 7фæлæ Дунедарæг
Авраммæ æргом рацыд æмæ йын загъта:
«Ацы зæхх ратдзынæн дæ байзæддæгтæн».
Æмæ Аврам Дунедарæгæн уыцы ран сарæзта
нывондхæссæн. 8Уырдыгæй Аврам араст ис,
Вефилæй скæсæнæрдæм цы хæхбæстæ уы-
дис, уырдæм æмæ уым йæ цатыр айтыгъта.
Вефил аззади ныгуылæнæрдыгæй, Гай та
уыди скæсæнæрдыгæй. Уыцы ран дæр Ав-
рам Дунедарæгæн сарæзта нывондхæссæн
æмæ Йын ссардта Йæ ном. 9Стæй уырдыгæй
сыстад æмæ дарддæр йæ фæндаг хуссарæ-
рдæм адардта.
10Ханааны зæххыл скодта æвирхъау стонг
заман, æмæ уал Аврам хуыздæр цардагур
Мысырмæ йæхи айста. 11Мысырмæ куы бав-
вахс ис, уæд йæ ус Сарæйæн загъта: «Рæсугъд
сылгоймаг дæ, уый мын гуырысхойаг нæу.
12Мысырæгтæ дæ куы феной, уæд зæгъдзыс-
ты: „Ай йæ ус у“, æмæ мæ амардзысты, дæу
та удæгасæй ныууадздзысты. 13Фæлæ-иу
сын ды зæгъ, йæ хо дæн, зæгъгæ, æмæ мын
уæд мæ уд дæр фервæзын кæндзынæ, мæ
хъуыддаг дæр хорз ацæудзæнис».
14Аврам Мысырмæ куы ныццыди, уæд мы-
сырæгтæ федтой, йемæ тынг рæсугъд сыл-
гоймаг кæй ис, уый. 15Фараоны барджынтæ
йæ куы фæфиппайдтой, уæд дзы фараонæн
раппæлыдысты, стæй йын æй йæ галуанмæ
æрбакодтой. 16Аврамы хъуыддаг хорз ацыди
йæ усы фæрцы — æрбафтыд æм лыстæг фос
æмæ стурвос, хæрджытæ æмæ теуатæ, нæл-
гоймаг æмæ сылгоймаг цагъартæ. 17Фæлæ
Дунедарæг Аврамы ус Сарæйы тыххæй стыр
бæллæхты баппæрста фараоны йæ хæдза-
ронтимæ. 18Уæд фараон басидт Авраммæ
æмæ йын загъта: «Уый мын цы бакуыстай?
Дæ ус кæй у, уый цæмæн басусæг кодтай?

19Цæмæн загътай, мæ хо у, зæгъгæ? Æз æй
уый тыххæй куы ракуырдтон. Акæн ныр дæ
усы дæр æмæ ацу!» 20Фараон йæ адæмæн
бардзырд радта, æмæ Аврамы арвыстой, йæ
ус æмæ йæм цыдæриддæр уыди, уыимæ.

**13** Аврам Мысырæй фæстæмæ сыздæхти
Негевы æдзæрæг быдырмæ — æд ус, æд ис-
бон, Лот дæр йемæ, афтæмæй. 2Тынг хъæз-
дыг уыд Аврам фосæй, æвзистæй æмæ сыгъ-
зæринæй. 3Негевæй араст ис дарддæр æмæ
бахæццæ ис Вефилмæ, раздæр ын Вефил
æмæ Гайы ’хсæн цатыр кæм уыди, 4Дуне-
дарæгæн нывондхæссæн кæм саразта æмæ
Йын Йæ ном кæм ссардта, уыцы бынатмæ.

5Аврамимæ цæугæцард чи кодта, уыцы
Лотмæ дæр уыди лыстæг фос æмæ стурвос,
стæй цатыртæ. 6Афтæ сбирæ сты сæ дыууæ-
йы фос, æмæ сын дарддæр иумæ цæрынæн
зæхх скъуындæг ис. 7Аврамы æмæ Лоты
фыййæутты ’хсæн-иу рауади быцæутæ. Уæ-
ды заман уыцы зæххыл цардысты ханаанæг-
тæ æмæ периззæгтæ дæр. 8Иуахæмы Аврам
Лотæн загъта: «Курын дæ, нæ дыууæйы ’хсæн
дæр æмæ нæ фыййæутты æхсæн дæр хъаугъа
ма рауайæд, уымæн æмæ æз æмæ ды хионтæ
стæм. 9Мæнæ зæхх иууылдæр дæ разы. Дæ
хорзæхæй, байуарæм. Ды галиуæрдæм куы
аздæхай, уæд æз — рахизæрдæм. Намæ ды
аздæх рахизæрдæм, æз та — галиуæрдæм».
10Лот йæ цæст ахаста Иорданы дæлвæзыл
æмæ федта, уыцы дæлвæз суанг Цоары онг,
Дунедарæджы дыргъдонау кæнæ Мысыры
зæххау, иууылдæр донæфсæст кæй уыди,
уый. Уæд Дунедарæг Содом æмæ Гоморрæйы
сахартæ нæма бабын кодта. 11Лот йæхицæн
равзæрста Иорданы дæлвæз æмæ скæсæнæр-
дæм адардта йæ фæндаг. Афтæмæй Авра-
мимæ фæхицæн сты кæрæдзийæ. 12Аврам
æрцарди Ханааны зæххыл, Лот та ныццыди
дæлвæзы сахарты ’рдæм. Йæ цатыртæ ай-
тыгъта Содомы раз. 13Содомы цæрджытæ
фыд адæм уыдысты, Дунедарæджы раз —
æгæр тæригъæдджын.

14Лот æмæ Аврам куы байуæрстой, уæд
Дунедарæг Аврамæн загъта: «Кæм лæууыс,
уырдыгæй-ма дæ цæст ахæсс цæгатыл, хус-
сарыл, скæсæныл æмæ ныгуылæныл. 15Цы
зæххытæ уыныс, уыдон Æз мыггагмæ дæуæн
æмæ дæ байзæддæгтæн ратдзынæн. 16Дæ
байзæддæгты дын, зæххы рыгау, сбирæ кæн-
дзынæн. Зæххы рыгæн банымайæн куыд нæй,
афтæ дæ байзæддæгтæн дæр банымайæн нæ
уыдзæн. 17Цу æмæ æрзил, цы зæхх дын дæт-
тын, ууыл, йæ дæргъ æмæ йын йæ уæрх фен».

18Аврам систа йæ цатыртæ æмæ дард-
дæр йæ фæндагыл араст ис. Бахæццæ ис
Хевронмæ æввахс Мамрейы тулдзджынмæ
æмæ уым æрцарди. Уыцы ран Дунедарæгæн
саразта нывондхæссæн.

**14** Уыцы заман Шинары паддзах Амрафел,
Елласары паддзах Ариох, Еламы паддзах
Кедорлаомер æмæ Гоимы паддзах Тидал
2хæстæввонгæй араст сты Содомы паддзах
Берæйы, Гоморрæйы паддзах Биршайы, Ад-
майы паддзах Шинавы, Цевоимы паддзах
Шемеверы æмæ Белайы (ома Цоары) паддза-
хы ныхмæ хæцынмæ. 3Адон та се ’фсæдты
уымæй размæ иууылдæр æрæмбырд кодтой
Сидимы дæлвæзы, ныр Мард денджыз кæм
ис, уым. 4Дыууадæс азы дæргъы уыдыс-
ты Кедорлаомеры æфсондзы бын, фæлæ
æртындæсæм аз йæ ныхмæ растадысты.
5Цыппæрдæсæм аз Кедорлаомер йе ’мцæди-
сон паддзæхтимæ æрцыд, æмæ рефаимты
ныддæрæн кодтой Аштерот-Карнаимы, зу-
зæгты — Хамы, емимæгты — Шаве-Кириа-
таимы, 6хорæгты та — Сеиры хæхбæсты,
фæсырдтой сæ æдзæрæг быдыры кæронмæ,
Ел-Параны сахары онг. 7Уырдыгæй аздæх-
тысты Ен-Мишпаты (ома Кадешы) ’рдæм
æмæ ныддæрæн кодтой амалекæгты бæстæ,
стæй Хацецон-Тамары цæрæг аморæгты.

8Уæд рацыдысты Содомы паддзах, Гомор-
рæйы паддзах, Адмайы паддзах, Цевоимы
паддзах æмæ Белайы (ома Цоары) паддзах
æмæ Сидимы дæлвæзы схæцыдысты 9Еламы
паддзах Кедорлаомер, Гоимы паддзах Тидал,
Шинары паддзах Амрафел æмæ Елласары
паддзах Ариохимæ — цыппар паддзахы
фондзы ныхмæ. 10Шидимы дæлвæзы би-
рæ уыди писийы дзыхъхъытæ. Содом æмæ
Гоморрæйы паддзæхтæ лидзæг куы фесты,
уæд сæ адæмæй бирæтæ ныххаудысты уыцы
дзыхъхъыты, чи ма сæ аирвæзти, уыдон та
алыгъдысты хæхтæм. 11Уæлахиздзаутæ ра-
хастой Содом æмæ Гоморрæйы æппæт исбон
æмæ хæлц æмæ ацыдысты. 12Уацары акодтой
Аврамы æфсымæры лæппу — Содомы цæ-
рæг Лоты дæр. Рахастой йын йæ исбон дæр.

13Чи аирвæзти, уыдонæй иу æрцыд æмæ
хабар фехъусын кодта дзуттаг Аврамæн,
уыцы рæстæг амораг Мамрейы тулдзджыны
раз чи царди, уымæн. Æфсымæртæ Мамре,
Ешкол æмæ Анер уыдысты Аврамы цæди-
сонтæ. 14Йæ хион уацары ис, Аврам уый куы
фехъуыста, уæд æрæмбырд кодта йæ тохвæл-
тæрд адæмы, йæ хæдзары чи райгуырди, уы-
доны — æртæсæдæ æстдæс лæджы, — æмæ

фæдисы фæцыдысты суанг Данмæ. 15Уым
йæ адæмимæ знагыл æхсæвыгон æртыхст
æмæ сæ ныддæрæн кодта, фæсырдта сæ
Дамаскы цæгатварс Ховайы онг. 16Аврам
фæстæмæ байста æппæт исбон, ракодта йæ
хион Лоты дæр æд исбон, стæй сылгоймæгты
æмæ иннæ уацайрæгты.

17Аврам Кедорлаомеры æмæ уымæн йе
'мцæдисон паддзæхты куы басаста æмæ фæс-
тæмæ куы раздæхти, уæд Шавейы дæлвæзы
(ома Паддзахы дæлвæзы) йæ размæ рацыди
Содомы паддзах. 18Салимы паддзах Мелхи-
седек дæр — Иуууылбæрзонд Хуыцауы сау-
джын — рахаста дзул æмæ сæн 19æмæ загъта:

«Арфæгонд уæд Аврам
Иуууылбæрзонд Хуыцауæй,
арв æмæ зæхх Сфæлдисæгæй!
20 Арфæгонд уæд Иуууылбæрзонд Хуыцау,
де знæгты дын дæ къухтæм Чи радта!»

Æмæ Аврам Мелхиседекæн бахуын кодта
йе 'ппæт æфтиæгты дæсæймаг хай.

21Содомы паддзах загъта Аврамæн: «Ратт
мын мæ адæмы, исбон дæхицæн уадз». 22Фæ-
лæ Аврамы дзуапп уыд: «Ард дын хæрын
Дунедарæджы, Иуууылбæрзонд Хуыцауы, арв
æмæ зæхх Сфæлдисæджы раз: 23дæ исбонæй
мæ суанг æндах æмæ дзабыры бос дæр нæ
хъæуы, цæмæй ма зæгъай, æз сбонджын
кодтон Аврамы, зæгъгæ. 24Мæн ницы хъæуы.
Æрмæст, мæ адæмæн хæлцыл цы бахардз ис,
уый мын бафид æмæ, мæ фарсмæ чи хæцыди,
уыдонæн, Анер, Ешкол æмæ Мамрейæн, цы
хай æмбæлы, уый ратт».

**15** Ацы хабæрттæ куы æрцыдысты, уый
фæстæ Дунедарæг Аврамæ æргом рацыд
æмæ йын загъта: «Ма тæрс, Аврам! Æз дæ
хъахъхъæнын уартау. Стыр уыдзæни дæ хæр-
зиуæг». 2Фæлæ Аврам загъта: «О Дунедарæг,
мæ Хуыцау! Цы кæнын уыцы хæрзиуæгæй,
кæд æмæ æнæзæнæгæй амæлдзынæн æмæ
мæ бынтæ дамаскаг Елиезерæн баззайдзыс-
ты, уæд?» 3Ноджы ма загъта: «Зæнæг мын нæ
радтай, æмæ мæ бынтæ мæ цагъары хай ба-
уыдзысты». 4«Дæ цагъармæ не 'рхаудзысты
дæ бынтæ, — загъта йын Дунедарæг. — Дæ-
хицæн уыдзæни фырт». 5Цатырæй рацæуын
кодта Аврамы æмæ йын загъта: «Скæс-ма
арвмæ æмæ стъалытæ банымай. Бантыс-
дзæни дын сæ банымайын?» Загъта ма йын:
«Гъе уый бæрц уыдзысты дæ байзæддæгтæ».
6Аврам бауæндыди Дунедарæгыл, æмæ йæ
уымæ гæсгæ Уый банымадта рæстгæнæгыл.

7Дунедарæг загъта Аврамæн: «Æз Дуне-
дарæг дæн, цæмæй дын ацы зæхх раттон,
уый тыххæй дæ халдейаг Урæй Чи ракодта,
Уый. Фыдæй-фыртмæйы исбонæн æй айс».
8Аврам бафарста: «О Дунедарæг, мæ Хуыцау,
цæмæй бæрæг у, ацы зæхх мæн кæй уыдзæни,
уый?» 9Дунедарæг ын загъта: «Æрбакæн Мын
æртæаздзыд хъуг, æртæаздзыд сæгъ æмæ
æртæаздзыд фыр, стæй æрбахæсс æхсинæг
æмæ бæдул бæлон». 10Аврам сæ æрбакод-
та, аргæвста сæ æмæ сæ дæргъмæ афаста,
се 'рдджытæ сын иу иннæйы ныхмæ æрæ-
вæрдта. Æрмæст мæргъты нæ адих кодта.
11Холыхор мæргътæ сыл æмбырдтæ кодтой,
фæлæ-иу сæ Аврам асырдта.

12Хур æрныгуылыны афон Аврам тарф
фынæй баци; æвирхъау тас йæ зæрдæйы
ныххызт, æмæ йыл дуне баталынг ис. 13Ду-
недарæг Аврамæн загъта: «Уый зон, æмæ
дæ байзæддæгтæ кæйдæр зæххыл æрцæ-
уæггагæй цæрдзысты, цагъартæ сæ скæн-
дзысты, æмæ сæ цыппарсæдæ азы дæргъы
ссæнддзысты. 14Фæлæ Æз, цагъары æфсондз
сыл чи сæвæра, уыцы адæмæн уыдзынæн
тæрхонгæнæг, æмæ дæ байзæддæгтæ уыр-
дыгæй рацæудзысты стыр исбонимæ. 15Ды
та дæ фыдæлтыл фарнимæ сæмбæлдзынæ,
хæрз зæрондæй бацæудзынæ ингæнмæ. 16Дæ
байзæддæгтæн æрмæст сæ цыппæрæм фæл-
тæр æрбаздæхдзысты ардæм, уымæн æмæ
аморæгты тæригъæдтæ фаг нæма сбирæ сты».

17Хур анигуылд, æмæ бæстæ ныттар ис.
Æвиппайды сырхзынг пец æмæ пиллон-
уадзгæ цырагъ кусарты хæйттæн сæ тæккæ
астæуты ацыдысты. 18Уыцы бон Дунедарæг
Аврамимæ сарæзта фидыд. Загъта: «Æз ацы
зæхх дæттын дæ байзæддæгтæн, Мысы-
ры цæугæдонæй Евфраты стыр доны онг.
19Ныр дзы цæрынц кенæгтæ, кенизæгтæ,
кедмонæгтæ, 20хеттæгтæ, периззæгтæ, рефа-
имтæ, 21аморæгтæ, ханаанæгтæ, гиргашæгтæ
æмæ йевусæгтæ».

**16** Аврамы ус Сарæйæн зæнæг нæ цыди.
Уыди йын унæут, мысыраг, йæ ном — Агар.
2Сарæ загъта Аврамæн: «Дунедарæг мын
зæнæг нæ дæтты, æмæ уæд та мæ унæут-
мæ бацу, кæд уый фæрцы уæддæр схæдзар
уаин». Аврам сразы ис Сарæимæ. 3Сарæ æр-
бакодта йæ унæуты, мысыраг Агары, æмæ
йæ радта усæн йæ мой Аврамæн. Хъуыддаг
æрцыд, Аврам Ханааны зæххыл куы æр-
царди, уымæй дæс азы фæстæдæр. 4Аврам
æрæмуат ис Агаримæ. Уый банхъæлцау ис
æмæ, йæ уавæр куы федта, уæд йе 'хсины

**15:20** Рефаимтæ – асæй бæрзонд, уæйыгæнгæс адæм.

ницæмæуал дардта. 5Сарæ Аврамæн загъта:
«Ды дæ аххосджын ме ’фхæрды. Дæ хъæбы-
сы дын æй бакодтон, æмæ, куы банхъæлцау
ис, уæдæй фæстæмæ мæн ницæмæуал дары.
Гъемæ дын Дунедарæг тæрхонгæнæг уæд!»
6Аврам Сарæйæн загъта: «Дæ унæутыл дæ
бар цæуы, æмæ дæ цыдæриддæр фæнды,
уый йын кæн». Сарæ райдыдта æфхæрын
Агары, æмæ уый алыгъди.

7Агармæ æдзæрæг быдыры, Шурмæ фæн-
дагыл суадоны цурмæ фæзынди Дунедарæ-
джы зæд 8æмæ йæ фæрсы: «Агар, Сарæйы
унæут, кæцæй рацыдтæ æмæ кæдæм цæ-
уыс?» Уый дзуапп радта: «Ме ’хсин Сарæйæ
лидзын». 9Дунедарæджы зæд ын загъта: «Аз-
дæх де ’хсинмæ æмæ йын быхс». 10Ноджы ма
йын Дунедарæджы зæд загъта: «Афтæ дын
сбирæ кæндзынæн дæ байзæддæгты, æмæ
сын банымайæн дæр нæ уыдзæни». 11Но-
джыдæр ма йын Дунедарæджы зæд загъта:

«Гъеныр ды æнхъæлцау дæ,
гъеныр лæппу ныййардзынæ.
Сæвæр-иу ыл Измаел —
Дунедарæг фехъуыста,
фехъуыста дæ дзыназын.
12 Дæ лæппу, хъæддаг хæрæгау,
алкæмæ лæбурдзæни,
йе ’мтуг адæмтимæ нæ фидаудзæн».

13Агар йемæ дзурæг Дунедарæджы раху-
ыдта ахæм номæй: «Ды дæ, мæн Чи уыны,
уыцы Хуыцау». Загъта: «Æз ам æцæгдæр
федтон, мæныл Чи ауды, уыцы Хуыцауы».
14Уымæ гæсгæ ацы цъай хонынц «Кæй хорзæх
мæ ис, уыцы Цардæгасы цъай». Ныронг дæр
лæууы Кадеш æмæ Береды ’хсæн.

15-16Агар Аврамæн ныййардта фырт, æмæ
йыл Аврам сæвæрдта ном Измаел. Уæд Авра-
мыл цыдис æхсæз æмæ цыппарыссæдз азы.

**17** Аврамыл нудæс æмæ цыппарыссæдз
азы куы цыдис, уæд æм Дунедарæг æргом
рацыд æмæ йын загъта: «Æз Æппæтхъомыс
Хуыцау дæн. Кæс Мæ коммæ æмæ у æнаипп!
2Æз демæ сараздзынæн фидыд, дæ байзæд-
даджы дын сбирæ кæндзынæн».

3Аврам ныддæлгом ис Хуыцауы раз. Хуы-
цау ын загъта: 4«Демæ аразын фидыд. Ды уы-
дзынæ бирæ адæмты фыдæл. 5Аврам дæ нал
хондзысты, фæлæ нырæй фæстæмæ дæ ном
уыдзæнис Авраам, уымæн æмæ дæ скæн-
дзынæн бирæ адæмты фыдæл. 6Дæ байзæд-
дæгты дын тынг сбирæ кæндзынæн, дæуæй
рантысдзæни адæмтæ, дæуæй рацæудзæни
паддзæхтæ дæр. 7Æз сараздзынæн фидыд
демæ æмæ дæ байзæддæгтимæ, мыггаг-
мæйы фидыд, фæлтæрæй-фæлтæрмæ: Æз
уыдзынæн дæу æмæ дæ байзæддаджы Ху-
ыцау. 8Дæуæн æмæ дæ байзæддæгтæн фы-
дæй-фыртмæйы исбонæн ратдзынæн, ныр
æрцæуæггагæй кæуыл цæрыс, уыцы зæхх,
Ханааны зæхх æнæхъæнæй. Æмæ дæ бай-
зæддæгтæн уыдзынæн сæ Хуыцау».

9Хуыцау ма Авраамæн загъта: «Ды дæр
æххæст кæн, Мæ фидыд цы домы, уый, дæ-
хæдæг дæр æмæ дæ байзæддæгтæ дæр, фæл-
тæрæй-фæлтæрмæ. 10Мæнæ уын, гъе, Мæ
фидыд, æмæ де ’ппæт байзæддæгтæ æххæст
кæнæнт йæ домæн: сунæтгонд уæм-иу æр-
цæуæд алы нæлгоймаг дæр. 11Сунæт кæнут
уæхицæн — уый уыдзæни Мæн æмæ сымах
æхсæн фидыды нысан. 12Йæ райгуырдæй аст
боны кæуыл рацæуа, уæ уыцы лæппутæй-иу
алчидæр æрцæуæд сунæтгонд. Афтæ кæнут
фæлтæрæй-фæлтæрмæ, уæхи æмæ, уæ ца-
гъарты цотæй уæ хæдзары чи райгуыра, уы-
донæн æмæ, уæ байзæддагæй чи нæ уа, фæлæ
кæцыфæнды æрцæуæггагæй кæй балхæнат,
уыдонæн дæр. 13Хъуамæ æнæмæнг сунæт-
гонд уа, дæ хæдзары чи райгуырди, уый дæр
æмæ де ’лхæд дæр. Æмæ Мæ фидыд — йæ
нысан уæ буарыл — уыдзæни мыггагмæйы
фидыд. 14Сунæтгонд цы нæлгоймаг не ’рцæ-
уа, уый та йæ адæмæй фæхъæудзæн, уымæн
æмæ фехæлдта Мæ фидыд».

15Хуыцау ма Авраамæн ноджыдæр загъта:
«Дæ ус Сарæйы мауал хон Сарæ, фæлæ ны-
рæй фæстæмæ йæ ном уæд Саррæ. 16Æз ын
раарфæ кæндзынæн, æмæ дын ныййардзæни
фырт. Раарфæ кæндзынæн Саррæйæн, æмæ
дзы рантысдзысты адæмтæ, йæ байзæддæг-
тæ суыдзысты алы адæмты паддзæхтæ».
17Авраам ныддæлгом ис Хуыцауы раз, фæлæ
йæхинымæр бахудт: «Нæ зонын, фондзыс-
сæдзаздзыд зæрондæн ма исты рантыса?
Дæс æмæ цыппарыссæдзаздзыд Саррæ дæр
ма исты ныййара?» 18Хуыцауæн та Авраам
загъта: «Измаел куы цæрид Дæ арфæимæ!»
19Фæлæ Хуыцау загъта: «Дæ ус Саррæ дын
ныййардзæни фырт, æмæ йыл сæвæрдзынæ
ном Исаак. Æз уыимæ æмæ йæ байзæдда-
гимæ сараздзынæн мыггагмæйы фидыд.
20Измаелы тыххæй дæр дын фехъуыстон
дæ курдиат. Æз ын раарфæ кæндзынæн.
Сбирæ йæ кæндзынæн — йæ байзæддæгтæ
тынг бирæ уыдзысты. Дыууадæс фæтæджы
рацæудзæнис Измаелы артæй. Рантысын дзы
кæндзынæн разагъды адæм. 21Æцæг, фи-
дыд сараздзынæн, Саррæ дын иннæ ацафон

**16:11** *Измаел* рагон дзуттаг æвзагыл амоны «Хуыцау хъусы».

кæй ныййара, уыимæ — Исаакимæ». 22Ууыл
Хуыцау Йæ ныхас фæцис Авраамимæ æмæ
ацыди.
23Уæд Авраам бавдæлд, æмæ йын Хуыцау
куыд бафæдзæхста, афтæ тæккæ уыцы бон
сунæт скодта йæ хæдзары æппæт нæлгой-
мæгтæн: йæ фырт Измаелæн, йæ хæдзары
чидæриддæр райгуырди, уыдонæн, стæй,
æлхæд ын чи уыди, уыдонæн дæр.
24-25Авраам нудæс æмæ цыппарыссæдзаз-
дзыд уыди, сунæтгонд куы æрцыди, уæд, йæ
фырт Измаел та — æртындæсаздзыд. 26Уы-
цы иу бон æрцыдысты сунæтгонд Авраам
æмæ йæ фырт Измаел. 27Авраамы хæдза-
ры æппæт нæлгоймæгтæ — йæ хæдзары чи
райгуырди, уыдон дæр æмæ, æддагæттæй
æлхæд чи уыди, уыдон дæр — сунæтгонд
æрцыдысты йемæ.

**18** Мамрейы тулдзджыны цур Дунедарæг
æргом рацыд Аврааммæ, æмбисбоны æн-
тæфы йæ цатыры къæсæры раз куы бадти,
уæд. 2Авраам хæрдмæ скасти æмæ федта: йæ
акомкоммæ лæууынц æртæ лæджы. Куыд-
дæр сæ ауыдта, афтæ рæвдз бауади сæ размæ,
зæххыл ныддæлгом ис 3æмæ бахатыд: «О
Бардарæг! Кæд мæ Дæ хорзæхы аккаг кæныс,
уæд Дæ курын, æмæ Дæ цагъары иувæрсты
ма ацу. 4Ныртæккæ æрбадавдзысты дон,
цæмæй уæ къæхтæ цæхсат; баулæфут ацы
бæласы бын. 5Уæ цагъарæн йæ рæзты кæм
цæут, уым уын æз æрæвæрдзынæн къæбæр,
æмæ, куы фæхъуыртхъом уат, уæд уæ фæн-
дагыл цæудзыстут дарддæр». Уыдон загътой:
«Хорз, куыд загътай, афтæ бакæн».
6Авраам цатырмæ фæтагъд кодта æмæ
Саррæйæн загъта: «Рæвдздæр хыссæ азмæнт
æвзаргæ ссады æртæ мæртæй æмæ донгæнд-
тæ акæн». 7Уыйфæстæ азгъордта рæгъаумæ,
хæрзхаст род равзæрста, цагъармæ йæ радта,
æмæ йæ уый уайтагъд ацæттæ кодта. 8Уæд
Авраам райста къæдор, æхсыр æмæ роды
фыд æмæ сæ йæ уазджыты раз æрæвæрдта.
Цалынмæ хордтой, уæдмæ сын Аврам бæ-
ласы бын уырдыг лæууыди.
9Уазджытæ Авраамы бафарстой: «Дæ ус
Саррæ кæм ис?» Уый сын загъта: «Ам ис,
цатыры». 10Уазæг загъта: «Æз дæм æнæмæнг
æрбацæудзынæн инназ ацафон, æмæ дæ ус
Саррæйæн уыдзæни лæппу». Саррæ лæууы-
ди уазæджы фæстæ, цатыры къæсæры раз,
æмæ сæм уырдыгæй хъуыста. 11Авраам æмæ
Саррæ сæ зæронды кары бацыдысты, æмæ,
сылгоймаг афонæй-афонмæ цы низæй фæ-
тыхсы, уый дæр нал хъыгдардта Саррæйы.
12Уымæ гæсгæ йæхинымæр бахудти: «Ны-
ридæгæн куы ныххæррæгъ дæн, уæд ма мæ
цавæр амонд хъуамæ фæуа? Мæ сæры хицау
дæр зæронд куы у». 13Дунедарæг Авраамæн
загъта: «Цæмæн бахудти Саррæ? Цæмæ гæс-
гæ афтæ зæгъы, ацы зæронд бадæн æмæ ма
куыд ныййардзынæн, зæгъгæ? 14Дунедарæ-
джы бон цы нæу? Нысангонд рæстæджы
дæм ногæй æрцæудзынæн, æмæ Саррæйæн
уыдзæни лæппу». 15Саррæ фæтарст æмæ нæ
басасти: «Æз нæ бахудтæн». Фæлæ йын Уый
загъта: «Нæ, ды бахудтæ».
16Уазджытæ сыстадысты æмæ уырдыгæй
ацыдысты Содомы ’рдæм. Авраам сæ фæ-
дыл рацыди, цæмæй сæ афæндараст кæна.
17Дунедарæг загъта: «Цы сфæнд кодтон, уый
Авраамæй цæмæн бамбæхсон! 18Авраамæй
рантысдзæни нымæцæй бирæ æмæ хъомыс-
джын адæм. Авраамы фæрцы арфæгонд уы-
дзысты æппæт адæмтæ дæр. 19Авраамы Æз
уый тыххæй равзæрстон, цæмæй йæ фырт-
тæн æмæ йæ байзæддагæн ныффæдзæх-
са Дунедарæджы фæндагыл цæуын, раст
хъуыддæгтæ кæнын. Æмæ уæд Дунедарæг
сæххæст кæндзæн, Авраамæн зæрдæ цæмæй
бавæрдта, уыдæттæ».
20Æмæ Дунедарæг загъта: «Содом æмæ
Гоморрæйы тыххæй Мæм бирæ хъæстытæ
сыхъуысти, сæ тæригъæд уæззау у. 21Ныц-
цæуон æмæ фенон, Содомы тыххæй Мæм
цы хъæстытæ ссыди, уыдон æцæг сты æви
нæ. Базонон æй».
22Лæгтæ уырдыгæй рацыдысты æмæ Со-
домы ’рдæм сæ фæндаг адардтой. Авраам
ма уæддæр лæууыди Дунедарæджы раз.
23Авраам æм хæстæгдæр бацыд æмæ Йæ
бафарста: «Ау, фыдгæнджытимæ рæстыты
дæр фесафдзынæ? 24Кæд уыцы сахары дæс
æмæ дыууиссæдз рæстгæнæджы ис, уæд
та? Ау, фесафис уыцы бынат, нæ йын ныб-
барис дæс æмæ дыууиссæдз рæстгæнæджы
тыххæй? 25Уый ма ’рцæуæд, æмæ Ды афтæ
бакæнай, æнаххос фыдгæнæджы хал ахæра!
Уый ма ’рцæуæд! Æппæт зæххæн Тæрхонгæ-
нæг куыннæ хъуамæ рахæсса раст тæрхон?»
26Дунедарæг дзуапп радта: «Содомы дæс
æмæ дыууиссæдз рæстгæнæджы куы сса-
рон, уæд уыдоны тыххæй ныббардзынæн
уыцы бынатæн». 27Авраам афтæ бакодта:
«Æз цы дæн, уымæй — рыг æмæ фæнык, фæ-
лæ, зæгъын, мæ ныфс куы бахæссин æмæ
Бардарæджы куы бафæрсин: 28дæс æмæ
дыууиссæдз рæстгæнæджы фондз хъуаг
разындысты, зæгъгæ, уæд уыцы фондзы
аххосæй æнæхъæн сахар бабын кæндзынæ?»

Дунедарæг дзуапп радта: «Фондз æмæ дзы
дыууиссæдз рæстгæнæджы куы ссарон, уæд
æй нæ бабын кæндзынæн». 29Авраам та Йæ
ноджыдæр бафарста: «Ныр дзы дыууиссæдз
разынди, зæгъгæ, уæд та?» Дунедарæг дзу-
апп радта: «Дыууиссæдзы тыххæй дæр æй
нæ бабын кæндзынæн». 30Авраам та загъта:
«Бардарæг ма смæсты уæд, фæлæ ма, зæгъын,
куы бафæрсин: ныр дзы дæс æмæ ссæдз
рæстгæнæджы разынди, зæгъгæ, уæд та?»
Дунедарæг дзуапп радта: «Дæс æмæ ссæдз
рæстгæнæджы дзы куы ссарон, уæд дæр
æй нæ бабын кæндзынæн». 31Авраам та ба-
фарста: «Мæ ных ма, зæгъын, куы батæрин
æмæ Бардарæджы куы бафæрсин: ныр дзы
ссæдз разынди, зæгъгæ, уæд та?» Дунедарæг
дзуапп радта: «Ссæдзы тыххæй дæр æй нæ
бабын кæндзынæн». 32Авраам та загъта:
«Бардарæг ма смæсты уæд, фæстаг хатт ма
Дæ, зæгъын, куы бафæрсин: ныр дзы дæс
разынди, зæгъгæ, уæд та?» Дунедарæг дзу-
апп радта: «Дæсы тыххæй дæр æй нæ бабын
кæндзынæн».

33Уыл Дунедарæг Авраамимæ Йæ ныхас
фæцис æмæ ацыди. Авраам дæр раздæхт
йæ хæдзармæ.

**19** Дыууæ зæды уыцы изæр Содоммæ ба-
цыдысты. Лот бадти Содомы кулдуары цур.
Куы сæ ауыдта, уæд фестади, сæ размæ рауад,
ныддæлгом ис зæххыл 2æмæ сæм бахатыди:
«Ме 'лдæрттæ, уæ хорзæхæй, саккаг кæнут уæ
цагъары хæдзармæ. Цæхсдзыстут уæ къæхтæ
æмæ бахсæвиуат кæндзыстут, райсом раджы
та араст уыдзыстут уæ фæндагыл». Уыдон
загътой: «Нæ, æдде бахсæвиуат кæндзыс-
тæм». 3Фæлæ сæм Лот тынг æрхатыд, æмæ
уæд бацыдысты хæдзармæ. Лот сын фынг
ацæттæ кодта, донгонд дзултæ дæр сын
акодтой, æмæ бахордтой.

4Уазджытæ нæма бахуыссыдысты, афтæ
Содомы сахары нæлгоймæгтæ, зæрондæй,
ногæй, сахарæн йæ алы кæрæттæй, æр-
тыхстысты Лоты хæдзарыл 5æмæ йæм хъæр
кодтой: «А изæр дæм цы лæгтæ æрбацыди,
уыдон кæм сты? Ракæн-ма сæ ардæм, æмæ
семæ нæхи аирхæфсæм!» 6Лот сæм къæсæр-
мæ рауади, дуар йæ фæдыл рахгæдта 7æмæ
загъта: «Ме 'фсымæртæ, уæ хорзæхæй, ма-
цы фыдбылыз саразут. 8Мæ уазджытæ сты,
æмæ сæ ма бахъыгдарут. Дыууæ чызджы
мын ис, æнæрцæф сты нырма, æмæ уæм
фæлтау уыдоны ракæнон, æмæ уæ цыдæ-
риддæр фæнды, уый сын кæнут». 9Уыдон
ыл схъæртæ кодтой: «Фесæф ардыгæй! Ай
æрцæуæггаг куы у, уæд нын ам уынаффæ
кæныныл цы схæцыд? Фæлæуу афтæ, мах
дын ныртæккæ, уыдонæн цы бакæнинаг
стæм, уымæй фыддæртæ куынæ фæуæм!»
Ныууырдыг сты Лотмæ, дуар батоныныл
архайынц. 10Фæлæ Лоты уазджытæ æддæмæ
сæ къухтæ радардтой, фæмидæг æй кодтой
æмæ дуар ахгæдтой, 11къæсæрыл цы адæм
уыди, уыдоны та кæстæрæй, хистæрæй аф-
тæ бакуырм кодтой, æмæ, дуар агургæйæ,
фыдæбоны хай баисты.

12Лотæн йæ уазджытæ загътой: «Ам ма
дын чи ис? Сиахсæй, фыртæй, чызгæй, æн-
дæрæй дын сахары чи ис, уыдоны се 'ппæты
дæр акæн ардыгæй, 13уымæн æмæ хъуамæ
зæххы цъарæй фесафæм ацы бынат. Бирæ
хъæстытæ йыл ссыди Дунедарæгмæ, æмæ
нæ йæ фесафынмæ рарвыста». 14Лот ацыд
æмæ хабар фехъусын кодта йæ чызджыты
курджытæн: «Æвæстиатæй ардыгæй уæхи
айсут, уымæн æмæ Дунедарæг рæхджы фе-
сафдзæн ацы сахар». Фæлæ уыдонмæ Лоты
ныхас худæгау фæкасти.

15Боныцъæхтыл зæдтæ Лотмæ бадзырд-
той: «Фæтагъддæр кæн, æмæ дæ ус æмæ дæ
дыууæ чызгимæ цæугæут ардыгæй, науæд
ацы тæригъæдджын сахаримæ сымах дæр
бабын уыдзыстут». 16Фæлæ Лот фæстиат
кодта, æмæ йын лæгтæ йæ къухыл рахæ-
цыдысты. Рахæцыдысты йын йæ ус æмæ
йæ дыууæ чызджы къухтыл дæр æмæ сæ
фæссахар балæууын кодтой, уымæн æмæ
Дунедарæг тæригъæд кодта Лотæн.

17Куы сæ ракодтой, уæд Лотæн загътой:
«Гъеныр дæ сæр бафснай! Фæстæмæ дæр ма-
уал фæкæс, дæлвæзы макуы æрлæуу! Хæхты
'рдæм цæугæ, науæд сæфыс!» 18Фæлæ Лот
загъта: «Нæ, Бардарæг! 19Ды Дæ цагъары
скодтай Дæ аудыны аккаг, радтай мын стыр
хорзæх: фервæзын мæ кодтай. Гъе æрмæст
хæхтæм балидзын мæ бон нæ бауыдзæни —
бæллæх мæ æрæййафдзæни фæндагыл, æмæ
фесæфдзынæн. 20Уартæ уыцы чысыл сахар
хæстæг у! Цæй, уырдæм алидзон! Чысыл у,
æмæ уым удæгасæй баззайдзынæн». 21Дзуапп
ын рардæуыд: «Ацы хъуыддаг дæр сараздзы-
нæн дæ сæраппонд: цы сахары кой скодтай,
уый нæ ныппырх кæндзынæн. 22Батагъд кæн
уырдæм æмæ дзы дæ сæр бафснай. Цалын-
мæ уырдæм бахæццæ уай, уæдмæ мын ацы
хъуыддагæн райдайæн нæй». Уымæ гæсгæ
уыцы сахарæн ис æхæм ном — Цоар.

**19:22** Цоар – йæ мыртæм гæсгæ дзуттаг дзырд «къаннæг»-ы æнгæс.

23Хур куыддæр скаст, афтæ Лот дæр ба-
хæццæ ис Цоармæ.
24Уæд Дунедарæг Содом æмæ Гоморрæйыл
уæлæрвтæй æркалдта судзгæ сондон 25æмæ
бабын кодта сахартæ æмæ æгас дæлвæз æд
цæрджытæ, зайæгхал дæр дзы нал баззади.
26Лоты ус фæстæмæ фæкаст æмæ цæххы
цæджындз фестад.
27Авраам сæумæраджы бацыд, айфыццаг
Дунедарæджы раз кæм лæууыди, уыцы бы-
натмæ. 28Афæлгæсыди Содом æмæ Гомор-
рæйыл, стæй æгас дæлвæзыл æмæ федта:
зæхх цыма гарнайы пец фестади, уыйау дзы
цыди фæздæг.
29Гъе афтæ, Хуыцау Иорданы дæлвæзы
сахартæ куы бабын кодта, уæд нæ ферох
кодта Авраамы — Лоты рагацау рарвыста
уыцы фыдохы ранæй, йæ цæрæнбынатæй.
30Цоарæй Лот йæ дыууæ чызгимæ ссыди
хæхтæм, уымæн æмæ нæ уæндыди Цоары
цæрын. Æрбынат кодтой лæгæты. 31Иуа-
хæмы хистæр чызг кæстæрæн загъта: «Нæ
фыд базæронд ис, æмæ, дунейы æгъдаумæ
гæсгæ немæ чи бацæра, ацы ран иу ахæм
лæг нæй. 32Гъемæ нæ фыды мыггаг сæфын
ма бауадзæм, сæн ын бадарæм æмæ йемæ
æмуат æрцæуæм». 33Уыцы æхсæв сæ фыды
срасыг кодтой, æмæ хистæр чызг йемæ фæци.
Ныр куыд æрхуыссыд æмæ куыд сыстади,
уый фыд æмбаргæ дæр нæ бакодта. 34Иннæ
бон хистæр чызг кæстæрæн загъта: «Дысон
æз уыдтæн нæ фыдимæ. Цæй æмæ та йын
ахсæв дæр сæн бадарæм, æмæ ды дæр йемæ
фæу. Афтæмæй нæ фыды мыггаг сæфын нæ
бауадздзыстæм». 35Уыцы æхсæв дæр та сæ
фыды срасыг кодтой, æмæ кæстæр чызг йе-
мæ фæци. Ныр куыд æрхуыссыд æмæ куыд
сыстади, уый фыд æмбаргæ дæр нæ бакодта.
36Афтæмæй Лотæн йæ дыууæ чызджы
дæр банхъæлцау сты сæ фыдæй. 37Хистæр
чызг ныййардта лæппу æмæ йыл сæвæрдта
ном Моав. Уый у моавæгты фыдæл. 38Кæс-
тæр чызг дæр ныййардта лæппу æмæ йыл
сæвæрдта ном Бен-Амми. Уый та у ныры
аммонæгты фыдæл.

**20** Авраам уырдыгæй араст ис Негевы
зæхмæ æмæ æрæнцади Кадешæй Шуры
'хсæн. Иу заман царди Герары. 2Уым йæ ус
Саррæйы хуыдта йæ хо. Герары паддзах
Авимелех арвыста Саррæмæ æмæ йæ æр-
бакæнын кодта йæхимæ. 3Фæлæ æхсæвы
Хуыцау Авимелехмæ фыны æргом рацыд
æмæ йын загъта: «Ныртæккæ амæлдзынæ,
ацы сылгоймаджы дæхимæ кæй æрбакодтай,
уый тыххæй, уымæн æмæ моймæдзыд у».
4Авимелех та нырма йе 'мгæрон нæма æр-
цыди. «Бардарæг! — бахатыд Авимелех. — Ау,
æназым адæмы дæр фесафдзынæ? 5Уыцы
лæг мын йæхæдæг куы дзырдта, мæ хо у,
зæгъгæ! Сылгоймаг дæр æй йе 'фсымæр куы
хуыдта! Ацы хъуыддаджы сыгъдæг сты мæ
цæсгом дæр æмæ мæ къухтæ дæр». 6Фыны
йын Хуыцау загъта: «Æз дæр æй зонын, ацы
хъуыддаджы дæ цæсгом сыгъдæг кæй у, уый
æмæ дæ уымæ гæсгæ Мæхæдæг баурæдтон
тæригъæд ракæнынæй Мæ разы — уымæ
гæсгæ дæ нæ бауагътон ацы сылгоймагмæ
бавналын. 7Ныр сылгоймаджы фæстæмæ
йæ мойæн ратт. Уый пехуымпар у æмæ дын
скувдзæни, цæмæй сæрæгасæй баззайай. Йæ
мойæн æй куынæ раттай, уæд та уый зон,
æмæ уе сæфт æрцыди дæуæн дæр æмæ дæ
адæмæн дæр».
8Райсомæй раджы Авимелех куы фæ-
дзырдта йæ дæлдæртæм се 'ппæтмæ дæр
æмæ сын ацы ныхæстæ куы рафæзмыдта,
уæд сæ стыр тас бацыди. 9Стæй Авимелех
фæсидт Авраammæ æмæ йын афтæ: «Уый
нын цы бакуыстай? Уагæр цæмæй фæазым-
джын дæн дæ разы — мæн дæр æмæ мын мæ
паддзахад дæр цæмæн баппæрстай стыр
тæригъæды? Куыд не 'мбæлы, ахæм æвир-
хъау митæ мын бакодтай». 10Ноджы ма йын
Авимелех загъта: «Цы дын уыди уыцы фæнд,
цы дæ зæрды уыд?» 11Авраам дзуапп радта:
«Æз загътон: „Ацы ран Хуыцауæй æппындæр
нæ тæрсынц æмæ мæ мардзысты мæ усы
тыххæй“. 12Æцæгæй та мын хо дæр æййафы:
фыдæй иу стæм, мадæй та — хицæн, æмæ сси
мæ ус. 13Хуыцау мæ куы арвыста мæ фыды
уæзæгæй дунейыл хæтынмæ, уæд мæ усæн
бафæдзæхстон: „Уыцы хорзы мын бацу æмæ,
кæдæмфæнды бафтæм, уым-иу ме 'фсымæр
у, зæгъгæ, дзур“».
14Авимелех рахицæн кодта лыстæг фос,
стурвос, нæлгоймаг æмæ сылгоймаг цагъар-
тæ æмæ сæ радта Авраамæн, фæстæмæ йын
радта йæ ус Саррæйы дæр. 15Загъта: «Мæнæ
мæ зæхх дæ разы. Цæр, кæмдæриддæр дæ
фæнды, уым». 16Саррæйæн дæр загъта: «Æз
де 'фсымæрæн дæттын мин æвзист шекелы,
æнæкъæм кæй дæ, уый нысанæн, æмæ, де-
мæ чидæриддæр ис, уыдоны цæсты сраст
уыдзынæ».
17Авраам скуывта Хуыцаумæ, æмæ Ху-
ыцау сдзæбæх кодта Авимелехы, уымæн

**20:16** Шекел – æвзист кæнæ сыгъзæрины бæрц рагон дзут-
тæгтæм æмæ иннæ семитаг адæмтæм – 11,5 граммæ хæстæг.

йæ ус æмæ йæ сылгоймаг цагъарты, æмæ
сын ногæй райдыдта сывæллæттæ гуырын.
18Дунедарæг уый размæ Авраамы ус Сар-
рæйы тыххæй Авимелехы хæдзары æппæт
сылгоймæгтæн дæр сæхгæдта сæ зæнæгдон.

**21** Дунедарæг, куыд загъта, афтæ æркасти
Саррæмæ; сарæзта, зæрдæ йын цæмæй ба-
вæрдта, уый. 2Саррæ банхъæлцау ис æмæ,
Хуыцау цы афоны кой кодта, уыцы афон
Авраамæн йæ зæры бон ныййардта фырт.
3Саррæ йын цы фырт ныййардта, ууыл Ав-
раам сæвæрдта ном Исаак. 4Аст боны йыл
куы рацыди, уæд ын Авраам сунæт скодта,
Хуыцау куыд бафæдзæхста, афтæ.
5Авраамыл цыди фондзыссæдз азы, йæ
фырт Исаак куы райгуырди, уæд. 6Саррæ
загъта: «Фæхудын мæ кодта Хуыцау. Ацы ха-
бар чи фехъуса, уый дæр фæхуддзæни мемæ».
7Йæ ныхасыл ма бафтыдта: «Чи загътаид
Авраамæн, Саррæйы риуы ма сывæллонæн
æхсыр фæзындзæни, зæгъгæ? Ныр ын йæ
зæры бон ныййардтон фырт».
8Саби фæхъомыл ис. Риуæй иртæст цы бон
æрцыд, уыцы бон Авраам скодта стыр куывд.
9Иуахæмы Саррæ федта, Авраамæн мысы-
раг Агар кæй ныййардта, уыцы лæппу йын
йæ фырт Исаакыл йæхи худæгæй кæй хæссы,
10æмæ загъта Авраамæн: «Уыцы унæуты æд
лæппу атæр! Мæ хъæбул Исаакы раз дын уый
дæ бынтæм ницы бар дары». 11Тынг хъыг уыд
Авраамæн йæ фырт Измаелы тыххæй ахæм
ныхæстæ хъусын. 12Фæлæ йын Хуыцау загъ-
та: «Лæппуйы æмæ дæ унæуты тыххæй мæт
ма кæн. Саррæ дын цы зæгъы, уымæ байхъус,
уымæн æмæ, Исаакæй чи райгуыра, уыдон
уыдзысты дæ байзæддаг. 13Фæлæ унæуты
лæппуйæ дæр рауадздзынæн стыр адæм,
уымæн æмæ уый дæр дæ фырт у».
14Райсомæй раджы Авраам райста дзул
æмæ доны лалым, Агары уæхскыл сæ сæ-
вæрдта, радта йын лæппуйы дæр æмæ йæ
арвыста афтæмæй. Уый араст ис æмæ Беер-
Шевæйы æдзæрæг быдыры фæдзæгъæл ис.
15Лалымы дон куы фæци, уæд лæппуйы иу
къудзийы бын ныуагъта, 16йæхæдæг ацыд
æмæ уырдыгæй фаты æхстбæрц дарддæр
сбадти, лæппуйы мæлæт ма фенон, зæгъгæ,
æмæ æрдиаг кодта. 17Фæлæ Хуыцау фехъу-
ыста лæппуйы кæуын, æмæ Хуыцауы зæд
уæларвæй Агармæ фæсидти: «Цы кæныс,
Агар? Ма тæрс! Хуыцау лæппуйы кæуын
фехъуыста, кæм æй ныууагътай, уырды-
гæй. 18Уæлæмæ сыст! Сывæллоны сыстын
кæн æмæ йын йæ къухыл фидар хæц! Æз
уымæй рантысын кæндзынæн разагъды
адæм». 19Хуыцау байгом кодта Агары цæс-
тытæ, æмæ уæд Агар федта цъай. Бацыди
цъаймæ, лалым байдзаг кодта æмæ лæп-
пуйæн йæ дойны басаста.
20Хуыцау аудыдта Агары фыртыл. Уый
байрæзти. Цардис æдзæрæг быдыры æмæ
сахуыр ис фатæй æхсын. 21Измаел царди
Параны æдзæрæг быдыры, æмæ йын йæ
мад ус æркодта Мысыры зæххæй.
22Уыцы заман Авимелех йе ’фсады хицау
Пихолимæ бацыд Аврааммæ æмæ йын загъ-
та: «Де ’ппæт хъуыддæгты дыл Хуыцау ауды.
23Гъемæ мын ацы ран Хуыцауæй ард бахæр,
хинæй кæй нæ рацæудзынæ нæдæр мæныл,
нæдæр ме ’ппæт байзæддагыл. Æз дæуæн
хæрзты куыд бацыдтæн, афтæ-иу ды дæр
хæрзты бацу мænæн æмæ, æрцæуæггагæй
кæм цæрыс, уыцы бæстæйæн». 24Авраам ард
бахордта, 25фæлæ Авимелехæн бауайдзæф
кодта, дæ цагъартæ мын мæ цъай байстой,
зæгъгæ. 26Авимелех ын дзуапп радта: «Нæ
зонын, афтæ чи бакодта, уый. Ды дæр мын
куы ницы ской кодтай. Фыццаг хатт хъу-
сын уыцы хабар». 27Авраам Авимелехæн
радта фыстæ æмæ стуртæ, æмæ бафидыд-
той. 28Фыстæй Авраам рахицæн кодта авд
далысы. 29Авимелех æй бафарста: «Цæмæн
рахицæн кодтай ацы авд далысы?» 30Авра-
ам ын дзуапп радта: «Ацы авд далысы райс
мæ къухæй — уыцы цъай æз кæй скъахтон,
уымæн æвдисæйнагæн».
31Кæрæдзийæн ард кæй бахордтой, уымæ
гæсгæ ацы бынат уæдæй фæстæмæ хуыйны
Беер-Шевæ.
32Беер-Шевæйы Авраамимæ куы бафи-
дыдтой, уæд Авимелех æмæ йе ’фсады хицау
Пихол фæстæмæ аздæхтысты филистимаг
зæхмæ. 33Авраам та Беер-Шевæйы ныссагъта
тамариск бæлас æмæ уым ссардта Дунеда-
рæджы, Æнусон Хуыцауы, ном.
34Авраам æрцæуæггагæй бирæ фæцарди
филистимаг зæххыл.

**22** Ацы хабæрттæ куы æрцыдысты, уый
фæстæ Хуыцау фæлвæрдта Авраамы. Басидт
æм: «Авраам!» Уый дзуапп радта: «Хъусын
дæм». 2Хуыцау загъта: «Демæ ракæн дæ иу-
нæг, дæ уарзон фырт Исаакы æмæ араст у
Мориайы зæхмæ, æмæ йæ уым, цы хохæй
дын зæгъон, ууыл иууылсудзинаг нывон-
дæн æрхæсс».

**21:31** Дзуттаг æвзагыл уыцы ном нысан кæны «авды бынат»
кæнæ «ардбахæрды цъай».

3Авраам райсомæй раджы саргъ сæвæрдта
йæ хæрæгыл, йемæ ракодта йæ цагъартæй
дыууæйы æмæ йæ фырт Исаакы, иууылсу-
дзинаг нывонд æрхæссынæн суг ныссаста
æмæ афтæмæй араст ис, Хуыцау ын цы бынат
бацамыдта, уырдæм. 4Æртыккаг бон Авра-
ам йæ алыварс йæ цæст ахаста æмæ дардмæ
суыдта уыцы бынат. 5Йæ цагъартæн загъта:
«Сымах уал ам хæрæгимæ фæлæууут, æз æмæ
мæ лæппу та уартæ уырдæм бацæуæм Ху-
ыцаумæ бакувынмæ, стæй уæм фæстæмæ
æрбаздæхдзыстæм».

6Авраам йæ фырт Исаакы æккой сæвæрдта,
иууылсудзинаг нывонд æрхæссынæн сæм цы
суг уыди, уый, райста зынг æмæ кард, æмæ
араст сты дыууæйæ. 7Исаак дзуры йæ фыд
Авраммæ: «Мæ фыд!» Уый дзуапп радта:
«Хъусын дæм, мæ хъæбул». Исаак бафарста:
«Зынг æмæ нæм суг бæргæ ис, фæлæ уæрыкк
та кæм ис иууылсудзинагæн?» 8Авраам дзу-
апп радта: «Хуыцау Йæхædæг сбæрæг кæн-
дзæн, иууылсудзинаг нывондæн цы уæрыкк
хъæуы, уый». Æмæ цыдысты дарддæр.

9Хуыцау ын цы бынатæй загъта, уырдæм
куы бахæццæ сты, уæд Авраам уым сарæзта
нывондхæссæн æмæ йыл сугтæ равæрдта.
Уый фæстæ йæ фырт Исаакы сбаста æмæ йæ
сæвæрдта нывондхæссæныл, сугты уæлæ.
10Фæлæ куыддæр кард райста йæ фырты
аргæвдынмæ, 11афтæ йæм Дунедарæджы
зæд уæларвæй фæсидти: «Авраам! Авраам!»
Уый дзуапп радта: «Хъусын дæм». 12Зæд
загъта: «Дæ къух ма сис лæппумæ! Мацы
йын бакæн! Ныр зонын, Хуыцауы тас дæ
кæй ис, æмæ Мын дæ иунæг фырты кæй нæ
бавгъау кодтай, уый».

13Авраам акаст æмæ федта: пыхсыты йæ
сытæ ныссагъдысты иу фырæн. Авраам æм
бацыди, суæгъд æй кодта æмæ йæ иууылсу-
дзинаг нывондæн æрхаста йæ фырты бæсты.
14Уыцы бынат Авраам схуыдта Йахве-Ире.
Уымæ гæсгæ фæзæгъынц ныр дæр, Дуне-
дарæджы хохыл бæрæг уыдзæни, зæгъгæ.

15Дунедарæджы зæд та дыккаг хатт дæр
уæларвæй фæсидти Авраммæ: 16«Мæхицæй
сомы кæнын, — зæгъы Дунедарæг, — ацы
хъуыддаг кæй сарæзтай, дæ иунæг фырты
кæй нæ бавгъау кодтай, 17уый тыххæй дын
Æз æнæмæнг раарфæ кæндзынæн! Арвы
стъалытæ æмæ денджызы былгæрон змис
æнæнымæц куыд сты, афтæ дын сбирæ кæн-
дзынæн дæ байзæддæгты. Знæгты сахартæ
уыдоны бауыдзысты! 18Кæй Мæм байхъуыс-
тай, уый тыххæй дæ байзæддаджы фæрцы
арфæгонд уыдзысты æппæт адæмтæ дæр».

19Уый фæстæ Авраам æрбаздæхт йæ ца-
гъартæм, æмæ иумæ ацыдысты Беер-Ше-
вæмæ. Авраам баззади Беер-Шевæйы.

20Уыцы хабæрттæ куы æрцыдысты, уый
фæстæ Авраамæн загъдæуыд, де 'фсымæр
Нахорæн дæр йæ ус Милка фырттæ ныййард-
та, зæгъгæ: 21Уц — хистæр, уый фæстæ — Буз,
иннæтæ — Кемуел, Арамы фыд, 22Кесед, Хазо,
Пилдаш, Идлаф, Бетуел. 23Бетуелæн райгу-
ырди Ревеккæ. Уыцы аст фырты Авраамы
æфсымæр Нахорæн ныййардта Милка. 24На-
хорæн ма йæ номылус Реума дæр ныййардта
фырттæ: Тевах, Гахам, Тахаш æмæ Маахайы.

**23** Саррæ фæцардис сæдæ дыууын авд
азы. 2Амарди Кирйат-Арбайы (ома Хевро-
ны), Ханааны зæххыл. Авраам фæкуыдта,
фæхъæрджытæ кодта Саррæйыл. 3Стæй Ав-
раам сыстади марды цурæй æмæ хеттæгтæн
загъта: 4«Æз æрцæуæггаг дæн, фæлæ уе 'хсæн
рагæй цæрын. Уæ зæххæй мын иу гæппæл
схай кæнут, цæмæй дзы мæ усы мард ба-
ныгæнон». 5Хеттæгтæ йын загътой: 6«Дæ
хорзæхæй, æрбайхъус нæм, нæ хицау! Мах
дæ нымайæм Хуыцауы барджын лæгыл, æмæ
нæ зæппæдзты хуыздæры бавæр дæ усы. Уый
тыххæй дын махæй ничи бавгъау кæндзæни
йæ мыггаджы зæппадз». 7Авраам сыстади,
сæрæй ныллæг акуывта уыцы зæххы адæ-
мæн, хеттæгтæн, 8æмæ сын загъта: «Кæд
мын мæ усы мард бавæрыны бар дæттут,
уæд уæ курын, æмæ Цохары фырт Ефронмæ
бахатут, 9цæмæй мын ратта, йæ быдыры
кæрон цы лæгæт ис, Махпела, зæгъгæ, уый.
Уæ разы мын æй йе 'ххæст аргъыл раттæд
зиан бавæрыны тыххæй».

10Хеттаг Ефрон бадти йе 'мбæстæгты 'хсæн
æмæ, сахары кулдуармæ цы хеттæгтæ æрæм-
бырд ис, уыдон æй иууылдæр куыд хъусой,
афтæ Авраамæн загъта: 11«Дæ хорзæхæй, ме
'лдар, байхъус мæм! Æз дын дæттын уыцы
зæххы гæппæл дæр æмæ лæгæт дæр. Дæт-
тын дын сæ мæ адæмы раз, æмæ дæ зи-
ан бавæр». 12Авраам та йæ сæрæй ныллæг
акуывта уыцы зæххы адæмæн 13æмæ йæ
се 'ппæт дæр куыд хъусой, афтæ баздæхти
Ефронмæ: «Мемæ куы сразы уаис, уæд дын
быдыры аргъ раттин. Айс æй, æмæ мæ зиан
уым бавæрон». 14Ефрон загъта Авраамæн:
15«Дæ хорзæхæй, ме 'лдар, æрбайхъус мæм!
Зæххæн йæ аргъ у цыппарсæдæ æвзист ше-
келы — уый æз æмæ дæуæн йæ койы аккаг
дæр нæу. Бавæр дæ зиан». 16Авраам сразы

**22:14** Ома «Дунедарæг сбæрæг кæндзæн».

ис Ефронимæ. Хеттæгты раз цас загъта, уый
бæрц ын сбарста æвзист — цыппарсæдæ ше-
келы, сæудæджертæ куыд фæбарынц, афтæ.
17-18Афтæмæй, Ефронæн Мамрейы ных-
мæ Махпелайы цы быдыр уыди, уый бацис
Авраамы æд лæгæт, æд бæлæстæ. Уымæн
æвдисæн уыдысты, сахары кулдуармæ чи
æрæмбырд ис, уыцы хеттæгтæ иууылдæр.
19Æмæ Авраам йæ ус Саррæйы бавæрдта,
Махпелайы быдыры, Мамрейы ныхмæ (ныр
Хеврон чи хуыйны, уый), цы лæгæт ис, уым,
Ханааны зæххыл. 20Хеттæгтæй Аврааммæ
æрбахаудис зæххы хай дæр, цы лæгæт дзы
уыди, уый дæр, æмæ йæ зиан уыцы ран
бафснайдта.

**24** Авраам базæронд ис. Дунедарæг æй
Йæ хорзæхæй схайджын кодта йæ алы хъу-
ыддаджы дæр. 2Иу хатт Авраам загъта йæ
хæдзары хистæр цагъарæн, йæ исбон кæй
бæрны уыд, уымæн: «Дæ къухæй мын мæ
агъдрæбынмæ бавнал 3æмæ мын Дунеда-
рæгæй, арв æмæ зæххы Хуыцауæй, ард ба-
хæр, мæ фыртæн мын, кæй æхсæн цæрын,
уыцы ханаанæгты чызджытæй кæй никæй
ракурдзынæ, 4фæлæ кæй ацæудзынæ мæ
райгуырæн бæстæм, мæ хионтæм, æмæ
уырдыгæй кæй æркæндзынæ ус мæ фырт
Исаакæн». 5Цагъар æй бафарста: «Мыййаг,
уыцы чызг мемæ а зæхмæ цæуынил куы не
сразы уа, уæд-иу дын дæ фырты, цы бæстæ-
йæ рацыдтæ, уырдæм акæнон?» 6Авраам
ын загъта: «Нæ, мæ фырты мын уырдæм
мацыхуызы акæн! 7Мæ фыды уæзæгæй, мæ
райгуырæн бæстæй мæ Чи рахуыдта æмæ
мын мæ байзæддагæн ацы зæхх раттынил
сомы Чи ракодта, уыцы Дунедарæг, уæларвы
Хуыцау, дæ разæй рарвитдзæн Йæ зæды, цæ-
мæй мын уырдыгæй мæ фыртæн ус æркæнай.
8Чызг демæ цæуынил куы не сразы уа, уæд
та сæрибар уыдзынæ ацы ардбахæрдæй. Æр-
мæст-иу мын мæ фырты уырдæм ма акæн».
9Цагъар бавнæлдта йе ’лдар Авраамы агъд-
рæбынмæ æмæ йын ард бахордта.
10Уый фæстæ цагъар йе ’лдары теуатæй
рахицæн кодта дæс, райста йын йæ алы хæз-
натæй дæр æмæ араст ис Арам-Нахараимы
зæхмæ, Нахоры сахармæ. 11Уырдæм куы
бахæццæ ис, уæд сахармæ хæстæг, цъайы
цур, баурæдта йæ теуатæ. Уыд изæрмæ æв-
вахс — дондзау чызджытæ донмæ куы рацæ-
уынц, тæккæ уыцы афон. 12Авраамы цагъар
скуывта: «О Дунедарæг, ме ’лдар Авраамы
Хуыцау! Гъеныр мын мæ хъуыддаг фæрæст-
мæ кæн! Ме ’лдар Авраамы схайджын кæн
Дæ хорзæхæй! 13Мæнæ лæууын цъайы цур,
æмæ ныртæккæ сахары чызджытæ рацæу-
дзысты донмæ. 14Дæ дурын æркъул кæн æмæ
дон бануазон, зæгъгæ сæ кæмæ бахатон,
уый мын кæд афтæ зæгъа, бануаз, æз дын
дæ теуатæн дæр дон бадардзынæн, зæгъ-
гæ, гъеуæд-иу æй, Дæ цагъар Исаакæн кæй
саккаг кодтай, уыцы чызг фæкæн. Уымæй
базондзынæн — ме ’лдары мын схайджын
кодтай Дæ хорзæхæй».
15Авраамы цагъар куывд нæма фæцис,
æмæ дын мæнæ, йæ дурын йе уæхскыл, аф-
тæмæй рацæуы Ревеккæ — Бетуелы, Милка
æмæ Авраамы æфсымæр Нахоры фырты,
чызг. 16Ревеккæ уыди тынг рæсугъд чызг,
нæлгоймаг чи нæма базыдта, ахæм. Æрцыди
цъаймæ æмæ йæ дурын байдзаг кодта. Фæс-
тæмæ куы фæцæйцыд, 17уæд æм Авраамы
цагъар рæвдз бауад æмæ йæм бахатыд: «Дæ
дурыны донæй-ма мын иу хуыпп авæр».
18Уый загъта: «Бануаз, ме ’лдар», — дурын
йе уæхскæй æриста æмæ йын дон радта.
19Авраамы цагъар куы бануæзта, уæд ын
чызг афтæ: «Ныртæккæ дын дæ теуатæн
дæр сисдзынæн, уадз æмæ сæ фаг бануазой».
20Уайтагъд йæ дурыны дон тæгæнайы ауагъ-
та, цъаймæ та бауади æмæ йын йæ теуатæн
дæр дон систа.
21Авраамы цагъар æм кастис æнæдзургæ-
йæ. Фæндыд æй базонын, Дунедарæг ын йæ
фæндаг фæрæстмæ кодта æви нæ. 22Теуатæ
дон куы бануæзтой, уæд чызгæн радта æр-
дæг шекелы уæзæн сыгъзæрин фындзцæг
æмæ дæс шекелы уæзæн дыууæ сыгъзæрин
цонгдарæны 23æмæ йæ бафарста: «Зæгъ-ма
мын, кæй чызг дæ? Кæм бахсæвиуат кæ-
нæм, дæ фыды хæдзары ахæм бынат нæ
разындзæн?» 24Чызг ын дзуапп радта: «Æз
Милка æмæ Нахоры фырт Бетуелы чызг
дæн». 25Ноджы ма йын загъта: «Фосæн нæм
хъæмп æмæ холлаг бирæ ис. Кæм бахсæвиуат
кæнат, уый дæр ссардзыстæм». 26Авраамы
цагъар Дунедарæджы раз ныддæлгом ис
27æмæ загъта: «Арфæгонд уæд Дунедарæг,
ме ’лдар Авраамы Хуыцау, ме ’лдарыл мын
Йæ зæрдæ Чи нæ сивта, Йæ хорзæхæй йæ
æнæхай Чи нæ фæкодта! Дунедарæг мæ ком-
коммæ ме ’лдары хионæн йæ цæрæнуатмæ
æрбахæццæ кодта».
28Чызг рæвдз ауади йæ мадмæ æмæ йын
ацы хабæрттæ рафæзмыдта. 29-30Ревеккæйæн
уыд æфсымæр, йæ ном — Лаван. Æмæ уый

**24:2**Уыцы бавнæлд баст уыдис иууыл карздæр
ардбахæрдимæ.

йæ хомæ фындзцæг æмæ цонгдарæнтæ куы
федта, стæй, уыцы лæг ын цы загъта, уый
куы фехъуыста, уæд æм фæссахармæ, цъайы
цурмæ атындзыдта. Уый ма йæ теуатимæ
лæуууыди цъайы цур. 31Лаван æм бахатыди:
«Саккаг кæн, Дунедарæгæй арфæгонд лæг!
Æдде цæмæн лæууыс? Уæ цатыр — æфснайд,
теуатæн дæр бынат æрцæттæ кодтон». 32Уа-
зæг сæм мидæмæ бацыди. Теуаты суæгъд
кодтой æмæ сын радтой хъæмп æмæ холлаг,
уазæгæн æмæ йе 'мбæлццæттæн та — дон,
сæ къæхтæ цæхсынæн.

33Авраамы цагъарæн æрæвæрдтой фынг,
фæлæ сын уый афтæ: «Нæ саходдзынæн,
цалынмæ уын мæ цыды сæр раргом кæнон,
уæдмæ». Загътой йын: «Дзур». 34Уый райдыд-
та дзурын: «Æз Авраамы цагъар дæн. 35Дуне-
дарæг ме 'лдарæн ракодта стыр арфæ, сбон-
джын æй кодта: радта йын лыстæг фос æмæ
стурвос, æвзист æмæ сыгъзæрин, нæлгоймаг
æмæ сылгоймаг цагъартæ, теуатæ æмæ хæр-
джытæ. 36Ме 'лдарæн йæ ус Саррæ зæрондæй
ныййардта фырт, æмæ ме 'лдар йæ фыртæн
радта йе 'ппæт исбон дæр. 37Мæнæн та ард
бахæрын кодта, йæ фыртæн ын, кæй зæххыл
цæры, уыцы ханаанæгты чызджытæй кæй
нæ ракурдзынæн, 38фæлæ кæй ацæудзынæн
йæ фыды уæзæгмæ, йæ мыггагмæ, æмæ
уырдыгæй кæй æркæндзынæн ус Исаакæн.
39Æз ме 'лдары бафарстон: „Мыййаг, уыцы
чызг мемæ куынæ ракома, уæд та?“ 40Уый
мын загъта: „Йæ коммæ Кæмæн кæсын, уы-
цы Дунедарæг дын демæ рарвитдзæни Йæ
зæды æмæ дæ рæствæндаг фæкæндзæни,
цæмæй мын мæ фыртæн мæ мыггагæй, мæ
фыды хæдзарæй, æркæнай ус. 41Мæ фыды
хæдзармæ мын куы ацæуай, мæ мыггагмæ,
уæд сæрибар уыдзынæ ацы ардбахæрдæй,
суанг сæ чызджы куынæ раттой, уæддæр“.
42Абон цъаймæ куы æрбахæццæ дæн, уæд
скуывтон: „Дунедарæг, ме 'лдар Авраамы
Хуыцау! Тæхуды, цы хъуыддаджы фæдыл
рацыдтæн, уый мын куы фæрæстмæ кæнис!
43Мæнæ цъайы раз лæууын æмæ, ардæм дон
исынмæ цы чызг рацæуа, уымæ бахатдзы-
нæн, дæ дурыны донæй ма мын авæр, зæгъгæ.
44Æмæ мын уый афтæ куы зæгъа, дæхæдæг
дæр бануаз, дæ теуатæн дæр дын сисдзынæн
дон, зæгъгæ, гъеуæд-иу уыцы чызг фæуæд,
Дунедарæг ме 'лдары фыртæн кæй саккаг
кодта, уый“. 45Куывд нæма фæдæн, афтæ
дын мæнæ рацæуы Ревеккæ — йæ дурын
йе уæхскыл. Ныццыдис цъаймæ æмæ дон
систа. Æз æм бадзырдтон, дон-ма мын авæр,
зæгъгæ. 46Уый йæ дурын æриста æмæ загъта:
„Ануаз, æз дын дæ теуатæн дæр бадардзы-
нæн“. Æз куы бануæзтон, уæд теуатæн дæр
дон бадардта. 47Æз æй бафарстон: „Кæй чызг
дæ?“ Æмæ мын дзуапп радта, Нахор æмæ
Милкайы фырт Бетуелы чызг дæн, зæгъгæ.
Уæд ын йæ фындзыл бакодтон фындзцæг, йæ
къухтыл та — цонгдарæнтæ. 48Дунедарæджы
раз мæ зонгуытыл æрхаудтæн, бакуывтон
æмæ арфæ ракодтон Дунедарæгæн, ме 'лдар
Авраамы Хуыцауæн, уымæн æмæ мæ рæст-
вæндаг фæкодта, цæмæй ме 'лдары хионы
чызджы ракурон ме 'лдары фыртæн. 49Гъемæ
кæд ме 'лдармæ хионы цæстæй кæсут æмæ
ацы хъуыддагыл разы стут, уæд мын æй
зæгъут. Кæд нæ, уæд дæр мын æй зæгъут,
æмæ уæд зондзынæн, цы гæнгæ мын у, уый».

50Лаван æмæ Бетуел дзуапп радтой: «Ацы
хъуыддаг Дунедарæджы уынаффæ у, æмæ
дын „о“ кæнæ „нæ“ зæгъæм, уый махмæ нæ
хауы. 51Мæнæ дын — Ревеккæ. Акæн æй, æмæ,
Дунедарæг куыд загъта, афтæ суæд де 'лдары
фырты ус». 52Авраамы цагъар уый куы фехъу-
ыста, уæд Дунедарæджы раз ныддæлгом ис
зæххыл. 53Стæй систа æвзист æмæ сыгъзæрин
фæлындæнтæ, дарæсы фæлыстытæ æмæ сæ
радта Ревеккæйæн. Йе 'фсымæр æмæ йын йæ
мадæн дæр ракодта зынаргъ лæвæрттæ. 54Йе
'мбæлццæттимæ дзаг фынгтыл фæбадтысты,
стæй сæ алчи йæ хуыссæн æрцагуырдта.

Райсомæй куы сыстадысты, уæд Авраа-
мы цагъар бахатыди: «Ныр мæ ауадзут ме
'лдармæ». 55Чызджы æфсымæр æмæ мад
куырдтой: «Немæ ма иу-дæс боны уæддæр
ацæрæд, стæй ацæудзæни». 56Фæлæ сын
Авраамы цагъар афтæ: «Дунедарæг мын мæ
хъуыддаг кæм фæрæстмæ кодта, уым мæ
мауал фæстиат кæнут. Ауадзут мæ, æмæ ме
'лдармæ аздæхон». 57Уыдон загътой: «Уæдæ
чызгмæ фæдзурæм æмæ йын йæхи бафæр-
сæм». 58Ревеккæмæ фæдзырдтой æмæ йæ
бафарстой: «Цæуыс ацы лæгимæ?» Уый дзу-
апп радта: «Цæуын». 59Уæд сæ хо Ревеккæйы
æд дыджызæ ауагътой Авраамы цагъар æмæ
йе 'мбæлццæттимæ. 60Ревеккæйæн раарфæ
кодтой, загътой йын:

«Дæ байзæддæгтæ æрдзæ-æрдзæтæ
бауæнт, нæ хо!
Фыдгулты сахартæ
дæ цоты исбон суæнт!»

61Ревеккæ æмæ йæ унæуттæ сбадтысты
теуатыл æмæ араст сты уыцы лæджы фæдыл.
Афтæ ракодта Ревеккæйы Авраамы цагъар
æмæ йæ фæндаг адардта.

62Уыцы рæстæг Исаак æрбаздæхти Беер-
Лахай-Роийæ — Негевы царди уæд. 63Изæры

Исаак быдырмæ рацыд æмæ хъуыдытæ код-
та. Кæсы æмæ уыны: теуатæ æрбацæуынц.
[64]Ревеккæ дæр кæсы æмæ, Исаакы куы ауыд-
та, уæд теуайæ рæвдз æрхызти. [65]Авраамы
цагъары афарста: «Быдыры махæрдæм чи
æрбацæуы, уыцы лæг чи у?» Цагъар загъта:
«Уый ме 'лдар у». Уæд чызг райста æмбæрзæн
æмæ дзы йæхи æрбатыхта.
[66]Цагъар Исаакæн кæрæй-кæронмæ ра-
дзырдта йæ балцы хабæрттæ. [67]Уæд Исаак
чызджы бахуыдта йæ мад Саррæйы цатыр-
мæ, æмæ Ревеккæ сси йæ ус. Исаак æй ба-
уарзта æмæ ныр нал хъынцъым кодта йæ
мады мардыл.

**25** Авраамæн ма уыди дыккаг ус дæр, йæ
ном — Кетура. [2]Уый Авраамæн ныййардта
Зимраны, Йокшаны, Меданы, Мидианы,
Ишбакы æмæ Шуахы. [3]Йокшанæн райгу-
ырдысты Сава æмæ Дедан. Деданы бай-
зæддæгтæ: ассириæгтæ, летушæгтæ æмæ
леумæгтæ. [4]Мидианы фырттæ: Ефа, Ефер,
Ханох, Авида, Елдага. Се 'ппæт дæр Авраам
æмæ Кетурайæ рацыдысты.
[5]Авраам йе 'ппæт исбон дæр радта Исаа-
кæн, [6]йæ иннæ устыты лæппутæн та ракодта
лæвæрттæ æмæ сæ йæ фырт Исаакы цурæй
арвыста скæсæйнаг бæстæм.
[7]Авраам фæцарди сæдæ æвдай фондз азы.
[8]Йæ цардæй ахицæн ис хæрз зæрондæй, цар-
дæй бафсæст, афтæмæй. Амард æмæ йæ фы-
дæлты размæ бацыди. [9-10]Йæ фырттæ Исаак
æмæ Измаел æй бавæрдтой Мамрейы ныхмæ
быдыры, Махпелайы лæгæты. Уыцы быдыр
Авраам балхæдта хеттæгтæй — Цохары фырт
Ефронæй. Уым æвæрд сты Авраам æмæ йæ ус
Саррæ. [11]Авраамы мæлæты фæстæ йын Хуы-
цау арфæ ракодта йæ фырт Исаакæн. Исаак
царди Беер-Лахай-Роийы цъаймæ хæстæг.
[12]Мæнæ, Саррæйы мысыраг унæут Агар
Авраамæн кæй ныййардта, уыцы Измаелы
байзæддæгтæ. [13]Измаелы фырттæ — хис-
тæрæй кæстæрмæ: Невайот, йæ зæнæджы
хистæр, уый дæле — Кедар, Адбеел, Мивсам,
[14]Мишма, Дума, Масса, [15]Хадад, Тема, Йетур,
Нафиш, Кедма. [16]Адон сты Измаелы фырт-
ты — дыууадæс фæтæджы — нæмттæ. Афтæ
хуындысты, цы знæмтæ сæ рацыди, уыдон
дæр. Алкæмæн дæр сæ уыди йæхи хъæутæ,
йæхи цæрæнуæттæ.
[17]Измаел фæцарди сæдæ æртын авд азы,
стæй йæ цардæй ахицæн ис. Амард æмæ йæ
фыдæлты размæ бацыдис. [18]Йæ байзæддæг-
тæ цардысты, Мысыры æмарæн Ассиримæ
фæндагыл цы æдзæрæг быдыр ис, Шур, зæгъ-
гæ, уый æмæ Хавилайы 'хсæн. Се 'рвадæлтæй
никæимæ фидыдтой.
[19]Мæнæ Авраамы фырт Исаакы æмæ йæ
байзæддаджы царды хабæрттæ.
Авраамæн райгуырд Исаак. [20]Исаакыл
цыди дыууиссæдз азы, Паддан-Арамæй йын
арамейаг Бетуелы чызг Ревеккæйы, Лаваны
хойы, куы æрхастой, уæд. [21]Ревеккæйæн
зæнæг нæ цыд, æмæ Исаак Дунедарæгæн
лæгъстæ кодта. Дунедарæг ын йæ куывд
фехъуыста, æмæ Ревеккæ банхъæлцау ис.
[22]Фæлæ фырттæ йæ гуыбыны кæрæдзийы
схойын райдыдтой, æмæ загъта: «Сомбон
дæр кæрæдзийы ныхмæ куы фæуой, уæд мæ
цард цы у?» Æмæ Дунедарæджы бафæрсын-
мæ ацыди. [23]Дунедарæг ын дзуапп радта:

> «Дыууæ адæмы рантысдзæн
> дæ гуыбынæй,
> дыууæ адæмыхатты ис дæ мидæг —
> сæ фæндæгтæ фæхицæн уыдзысты.
> Сæ иу суыдзæн иннæмæй тыхджындæр,
> хистæр лæггад кæндзæни кæстæрæн».

[24]Ревеккæйæн æрцыд йæ арыны афон,
æмæ ныййардта дыууæ фаззоны. [25]Фыццаг
чи райгуырд, уый уыди сырхбуар, къахæй
сæрмæ — сырды цармау хъуынджын. Ном ыл
сæвæрдтой Исав. [26]Уый хæдуæлвæд райгу-
ырд йе 'фсымæр: мады гуыбынæй рацыдис,
йæ къухæй Исавы зæвæтыл хæцгæйæ, æмæ
уыыл та сæвæрдтой ном Йаков. Куы райгуыр-
дысты, уæд Исаакыл цыдис æртиссæдз азы.
[27]Лæппутæ байрæзтысты. Исав сси дæсны
цуанон, хæтæнты хæтæг. Йаков та уыд æвæл-
мас лæг, баззад-иу цатырты цур. [28]Исаакы
зæрдæ агуырдта сырды фыд, æмæ уымæ гæс-
гæ уарзта Исавы. Ревеккæ та уарзта Йаковы.
[29]Иу хатт Йаков хъæрмхуыпп куыд фыхта,
афтæ Исав та фæлладæй æрбацыди быдырæй
[30]æмæ Йаковмæ бахатыди: «Уыцы сырхæй-
ма мын авæр æмæ бахæрон, кæннод сыдæй
фæмæлын». Исавы фæстæдæр схуындæуыди
«Сырх», дзуттагау «Едом». [31]Фæлæ йын Йаков
дзуапп радта: «Раздæр уал мын дæ хистæрад
рауæй кæн». [32]Исав ын афтæ: «Мæнæ мæлгæ
куы кæнын, уæд мæ цæмæн хъæуы уыцы
хистæрад?» [33]Йаков ын загъта: «Ард мын ба-
хæр ныртæккæ». Уый йын ард бахордта æмæ
Йаковæн ауæй кодта йæ хистæрад. [34]Йаков
радта Исавæн дзул æмæ тъæпæн хъæдуры
хъæрмхуыпп. Исав бахордта æмæ бануæзта,
стæй сыстад æмæ рацыди — йæ хистæрад
ницæмæ 'рдардта.

**24:65** Чындзæхсæв цалынмæ ахицæн уа, уæдмæ лæппуйæн нæ уыди йæ усаджы цæсгом уынын бар. **25:26** Йаков ам нысан кæны «зæвæтыл хæцын».

**26** Ханааны зæххыл та скодта æххормаг
рæстæг, уый размæ Авраамы заманы куыд
уыди, афтæ, æмæ Исаак араст ис Герармæ,
филистимаг паддзах Авимелехмæ. 2Дунеда-
рæг æргом рацыд Исаакмæ æмæ йын загъта:
«Мысырмæ ма ацу, фæлæ дын цы зæхх баца-
монон, уым æрбынат кæн. 3Ацæр дзы. Æз уы-
дзынæн демæ æмæ дын раарфæ кæндзынæн.
Дæуæн æмæ дæ байзæддæгтæн ратдзынæн
ацы зæххытæ иууылдæр æмæ афтæмæй
сæххæст кæндзынæн, дæ фыд Авраамæн цы
сомы ракодтон, уый. 4Дæ байзæддæгты дын
сбирæ кæндзынæн, арвы стъалытау, æмæ
сын ратдзынæн ацы зæххытæ иууылдæр. Дæ
байзæддаджы фæрцы арфæгонд уыдзысты
æппæт адæмтæ дæр — 5Авраам Мæм кæй
байхъуыста æмæ Мын Мæ ныстуантæ, Мæ
фæдзæхстытæ, Мæ уагæвæрдтæ æмæ Ме
'гъдæуттæ кæй æххæст кодта, уый тыххæй».
6Афтæмæй Исаак баззади Герары.

7Бынæттон цæрджытæ Исаакы йæ ус
Ревеккæйæ куы бафарстой, уæд сын дзуапп
радта: «Уый мæ хо у». «Мæ ус у» зæгъын нæ
бауæндыди, рæсугъд у, æмæ мæ амардзысты,
зæгъгæ. 8Фæлæ уым дзæвгар рæстæг куы
ацарди, уæд иуахæмы филистимаг паддзах
Авимелех, рудзынгæй кæсгæйæ, Исаакы
федта Ревеккæимæ хъазгæ. 9Авимелех фæ-
дзырдта Исаакмæ æмæ йын загъта: «Уый дæ
ус куы у, уæд цæмæн загътай, мæ хо у, зæгъ-
гæ?» Исаак ын дзуапп радта: «Уый тыххæй
мæ куы амарой, уымæй тарстæн». 10Ави-
мелех ын загъта: «Уый нын цы бакуыстай?
Чысыл ма, æмæ мæ адæмæй исчи дæ усимæ
фæрæдыдаид, æмæ дæу аххосæй азымджын
фæуыдаиккам». 11Авимелех йæ адæмæн ба-
фæдзæхста: «Ацы лæджы кæнæ йын йæ усы
чи бахъыгдара, уымæн æнæ амæлгæ нæй».

12Исаак уыцы зæххыл байтыдта хор, æмæ
уыцы аз йæ тыллæг тугыл аскъуыди, цы
байтыдта, уымæй райста фондзыссæдз ахæ-
мы. Афтæ йын раарфæ кодта Дунедарæг.
13Исаакы исбон кодта фылдæрæй-фылдæр,
æмæ куыдфæстæмæ сси тынг бонджын лæг.
14Уыйас бирæ систы йæ лыстæг фос æмæ йе
стурвос, стæй йæ цагъартæ, æмæ йæм филис-
тимæгтæ райдыдтой хæлæг кæнын. 15Уæдмæ
филистимæгтæ фехæлдтой æмæ сыджытæй
байдзаг кодтой, йæ рæстæджы Исаакы фыд
Авраамы цагъартæ кæй скъахтой, æппæт
уыцы цъайтæ. 16Авимелех Исаакæн загъта:
«Ацу нæ цурæй, уымæн æмæ дзæвгар стых-
джындæр дæ махæй».

17Исаак уырдыгæй ацыди, Герары дæл-
вæзы рæсæнуат скодта æмæ уым баззади.
18Фæстæмæ ссыгъдæг кодта, йæ фыд Авра-
амы заманы кæй скъахтой æмæ уый фæстæ
филистимæгтæ кæй фехæлдтой, уыцы цъай-
тæ. Ногæй сæ схуыдта, йæ фыд сын кæддæр
цы нæмттæ радта, уыдонæй.

19Иу хатт Исаакы цагъартæ дæлвæзы къах-
той, æмæ дзы донгуырæн разынди. 20Фæлæ
герараг фыййæуттæ фæбыцæу сты Исаакы
фыййæуттимæ, уый мах дон у, зæгъгæ. Загъд
кæй кодтой, уымæ гæсгæ Исаак уыцы цъай
схуыдта Есек. 21Уæд скъахтой æндæр цъай,
фæлæ уый дæр расайдта быцæу, уымæ гæс-
гæ йæ Исаак схуыдта Ситна. 22Исаак ацыди
дарддæр æмæ ма скъахта иу цъай, æмæ уый
тыххæй быцæу ничиуал кодта. Уымæ гæсгæ
йæ Исаак схуыдта Реховот. Загъта: «Ныр нын
Дунедарæг радта парахат бынат, æмæ сбирæ
уыдзыстæм зæххыл».

23Уырдыгæй Исаак ссыди Беер-Шевæмæ.
24Уым æм фыццаг æхсæв æргом рацыди
Дунедарæг æмæ йын загъта: «Æз дæ фыд
Авраамы Хуыцау дæн. Ма тæрс, Æз демæ
дæн. Раарфæ дын кæндзынæн æмæ дын,
Мæ цагъар Авраамы сæр нымайгæйæ, дæ
байзæддæгты сбирæ кæндзынæн». 25Исаак
уым сарæзта нывондхæссæн æмæ ссардта
Дунедарæджы ном. Уыцы ран айтыгъта йæ
цатыр, æмæ йæ цагъартæ райдыдтой цъай
къахын.

26Иуахæмы Исаакмæ Герарæй æрбацыд
Авимелех йæ уынаффæйы лæг Ахузат æмæ
йе 'фсады хицау Пихолимæ. 27Исаак сæ ба-
фарста: «Цы ма мæм æрбацыдыстут, уе сæфт
мæ куы федтат æмæ мæ уæ цурæй куы фæ-
сырдтат, уæд?» 28Уыдон ын загътой: «Мах
бæлвырд бафиппайдтам, Дунедарæг дыл
кæй ауды, уый, æмæ уымæ гæсгæ бауы-
наффæ кодтам: демæ бафидауæм æмæ нæ
фидыд сфидар кæнæм иумæйаг ардбахæр-
дæй. 29Ард бахæр, кæй ницы фыдбылыз нын
сараздзынæ, уый тыххæй. Мах дæр дæ куы-
нæ бахъыгдæрдтам, хорзы дын куы бацы-
дыстæм æрмæстдæр æмæ дæ фарнимæ куы
арвыстам! Дунедарæгæй арфæгонд дæ ныр».

30Уый фæстæ сын Исаак куывд скодта,
æмæ фæминас кодтой. 31Райсомæй раджы
кæрæдзийæн ард бахордтой, æмæ сæ Исаак
фарнимæ афæндараст кодта.

32Уыцы бон Исаакмæ æрбацыдысты йæ
цагъартæ, цъайкъахджытæ, æмæ йын, дон
ссардтам, зæгъгæ, фехъусын кодтой. 33Исаак
уыцы цъай схуыдта Шива Сахар ныронг дæр
уымæ гæсгæ хуыйны Беер-Шевæ.

34Исавыл дыууиссæдз азы куы цыд, уæд
æрхаста хеттаг Беерийы чызг Йехудиты æмæ

хеттаг Елоны чызг Басематы. 35Æмæ сæ дыу-
уæ дæр Исаак æмæ Ревеккæйæн уыдысты
масты хос.

**27** Исаак базæронд ис æмæ цæстæй хорз
нал уыдта. Иуахæмы фæдзырдта йæ хистæр
фырт Исавмæ æмæ йын загъта: «Мæ лæппу!»
Уый йын дзуапп радта: «Мæнæ дæн». 2Исаак
ын загъта: «Æз базæронд дæн æмæ нæ зо-
нын, мæ адзалы бон кæд ралæудзæни, уый.
3Гъемæ-ма де 'рдын æмæ дæ фатдонимæ
цуаны ацу æмæ мын исты хъæддаг сырд
самал кæн быдыры. 4Мæ уарзон хæринаг
мын сцæттæ кæн, æмæ дзы æз бахæрон, цæ-
мæй дын, цалынмæ нæма амардтæн, уæдмæ
арфæ ракæнон».
5Ревеккæ фехъуыста, Исаак Исавæн цы
дзырдта, уый. Исав цуаны куы ацыди, 6уæд
Ревеккæ Йаковæн загъта: «Æз фехъуыстон,
дæ фыд де 'фсымæр Исавæн цы дзырдта,
уый: 7„Сырды фыд æрбахæсс æмæ мын дзы
хæрзад хæринаг скæн, æз дзы бахæрдзынæн
æмæ, цалынмæ нæма амардтæн, уæдмæ
дын Дунедарæджы раз раарфæ кæндзы-
нæн“. 8Гъемæ, мæ хъæбул, байхъус, цы дын
фæдзæхсын, уымæ. 9Цу æмæ мын фосы дзу-
гæй дыууæ дзæбæх сæныччы æрбахæсс, сæ
дзидзайæ сын дæ фыдæн хæрзад хæринаг
акæнон, куыд уарзы, афтæ. 10Ды йын æй ба-
хæсдзынæ, æмæ, куы бахæра, уæд дын йæ
мæлæты размæ раарфæ кæндзæн». 11Йаков
загъта йæ мад Ревеккæйæн: «Куы йæ зоныс,
ме 'фсымæр Исавы буар хъуынджын у, мæ-
нæн та нæу. 12Мæ фыд мæ, мыййаг, уырзæй
куы æрысгара, уæд зæгъдзæни, хынджы-
лæг мæ кæны, зæгъгæ, æмæ уæд мæхиуыл,
арфæйы бæсты, æлгъыст бафтаудзынæн».
13Йæ мад ын загъта: «Уыцы æлгъыст мæныл
æфтыд фæуæд, мæ хъæбул, æрмæст цу æмæ
æрбахæсс, цы дын загътон, уый».
14Йаков æрбахаста дыууæ сæныччы, æмæ
Ревеккæ скодта хæрзад хæринаг, Исаак ку-
ыд уарзта, афтæ. 15Уый фæстæ, хæдзары йæ
хистæр лæппу Исавæн цы райст-бавæрды
дарæс уыди, уый скодта йæ кæстæр лæппу
Йаковыл, 16йæ цæнгтæ æмæ йын йæ бæр-
зæйыл та æрбатыхта сæныччыты цæрмттæ.
17Стæй, цы хæрзад хæринаг сцæттæ кодта,
уый дзулимæ Йаковмæ радта.
18Йаков бацыд йæ фыдмæ æмæ загъта:
«Мæ фыд!» Уый йын дзуапп загъта: «Хъусын
дæм, мæ хъæбул. Кæцы дæ?» 19Йаков дзуапп
радта: «Исав дæн, дæ хистæр фырт. Цы мын
загътай, уый бакодтон. Рабад, дæ хорзæхæй,
æмæ сырды фыдæй саход, стæй-иу мын
саккаг кæн дæ арфæ». 20Исаак æй бафарста:
«Цæй тагъд ацуан кодтай уый, мæ хъæбул?»
Фырт ын дзуапп радта: «Мæ размæ мын æй
Дунедарæг, Дæ Хуыцау, рарвыста». 21Исаак
Йаковæн афтæ: «Æри-ма, мæ уырзæй дæ
фенон, кæддæра æцæгдæр Исав дæ». 22Йа-
ков бацыди йæ фыд Исаакмæ, æмæ йæ уый
æрысгæрста æмæ загъта: «Хъæлæс — Йаковы
хъæлæс, къухтæ та — Исавы къухтæ». 23Нæ
йæ базыдта, уымæн æмæ йæ къухтæ йе 'фсы-
мæр Исавы къухтау хъуынджын уыдысты.
Фæлæ йын цалынмæ арфæ нæма ракодта,
24уæдмæ ма йæ ноджыдæр бафарста: «Æцæг-
дæр мæ фырт Исав дæ?» Уый йын дзуапп
радта: «О». 25Исаак загъта: «Æри-ма, дæ сыр-
ды фыдæй дын бахæрон, мæ хъæбул, стæй
дын раарфæ кæндзынæн». Йаков ын радта,
æмæ уый бахордта. Æрбахаста йын сæн дæр,
æмæ бануæзта. 26Стæй Исаак Йаковæн загъ-
та: «Рауай-ма æмæ мын аба кæн, мæ фырт».
27Уый бацыд æмæ йын аба кодта. Исаак ын
йæ дарæсмæ куы басмыста, уæд ын раар-
фæ кодта: «Дунедарæджы арфæйы фæрцы
бæзнаг цы хуым разынди, уыцы хуымы тæф
цæуы дæуæй, мæ фырт. 28Гъемæ дæ Хуыцау
арвы 'ртæх æмæ зæххы сойæ барæвдауæд!
Дæ хортæ æмæ дæ сæнæн ныккæнæн дæр
куыннæ уа, уыцы хорзæхæй дæ схайджын
кæнæд! 29Алы адæмтæ дын лæггад цы кæ-
ной, дæ разы-иу сæрныллæгæй цы 'рлæууой,
уыцы амонд дæр дын Йæ цæст бауарзæд! Де
'фсымæртæн æлдариуæг цы кæнай æмæ-иу
уыдон дæ разы сæрныллæгæй цы 'рлæууой,
уыцы арфæ дын раттæд! Æлгъитгæ дæ чи
ракæна, уымæн-иу йе 'лгъыст йæхиуыл æр-
цæуæд, арфæ дын чи ракæна, уымæн та-иу
Хуыцау раарфæ кæнæд!»
30Куыддæр Исаак Йаковæн раарфæ код-
та, куыддæр Йаков йæ фыд Исаакы цурæй
рацыд, афтæ Исав дæр æрбахæццæ ис цуа-
нæй. 31Уый дæр скодта хæрзад хæринаг, йæ
фыдмæ йæ бахаста æмæ йын загъта: «Рабад,
мæ фыд, æмæ саход сырды фыдæй, стæй
мын-иу саккаг кæн дæ арфæ». 32Исаак æй
бафарста: «Чи дæ?» Уый дзуапп радта: «Æз
дæ хистæр фырт Исав дæн». 33Исаак фыр
адæргæй базыр-зыр кодта æмæ загъта:
«Уæдæ де 'рбацыды хæд размæ цы сырды
фыдæй бахордтон, уый мын чи æрбахас-
та? Æз ын раарфæ кодтон, æмæ йыл уыцы
арфæ баззайдзæн». 34Исав йæ фыды ныхас
куы фехъуыста, уæд тынг ныууынæргъыдта.
Бахатыд æм: «Мæнæн дæр раарфæ кæн, мæ
фыд!» 35Уый йын загъта: «Де 'фсымæр мæм
æрбацыд æмæ, дæуæн цы арфæ ракæнинаг

уыдтæн, уый сайдæй йæхи бакодта». 36Исав
ын загъта: «Хуымæтæджы йæ не схуыдтой
Йаков — ныр мыл дыууæ хатты рацыди
хинæй. Фыццаг мын мæ хистæрад байста,
ныр та — мæ арфæ». Йæ фыды ма бафарста:
«Ау, мæнæн дæм арфæйы ныхас нал разын-
дзæн?» 37Исаак ын дзуапп радта: «Йаковы
дын скодтон æлдар, йе 'фсымæртæ — йæ
цагъартæ, радтон ын хор æмæ сæн. Дæу та
ма цæмæй барæвдауон, мæ хъæбул?» 38Исав
йæ фыдæн афтæ: «Ау, иунæг арфæ йеддæмæ
дæм нæй, мæ фыд? Мæнæн дæр раарфæ кæн,
мæ фыд!» Æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныккуыдта.
39Исаак ын загъта:

«Зæххы сойæ дæуæн нæ уыдзæн хай,
уæларвы 'ртæх дын не 'фсаддзæн
дæ хуымгæнд.
40 Дæ карды фæрцы дардзынæ дæхи
æмæ уыдзынæ де 'фсымæры цагъар.
Фæлæ уæд иу бон сыстдзынæ
йæ ныхмæ —
дæ бæрзæйæ куы раппардзынæ
йе 'фсондз».

41Исав фæфыдæх ис Йаковмæ, йæ фыд ын
кæй раарфæ кодта, уый тыххæй æмæ йæхи-
нымæр загъта: «Мæ фыдыл кæуæн бонтæ
æрæввахс сты, æмæ уæд амардзынæн ме
'фсымæр Йаковы». 42Ревеккæйæн радзыр-
дæуыди йæ хистæр фырт Исавы фæнд, æмæ
фæсидти йæ кæстæр фырт Йаковмæ æмæ
йын загъта: «Де 'фсымæр дæ марынмæ хъавы,
43æмæ мæм байхъус, мæ хъæбул. Æвæстиа-
тæй алидз ме 'фсымæр Лаванмæ, Харанмæ.
44Иу цасдæр æм ацæр, цалынмæ де 'фсымæ-
ры маст ссæуа, уæдмæ. 45Йæ маст куы ссæуа
де 'фсымæрæн, цы йын бакодтай, уый йæ
куы ферох уа, уæд дæм арвитдзынæн æмæ
дæ уырдыгæй фæстæмæ æрбакæндзынæн.
Цæмæн хъуамæ фенæхай уон уыцы иу бон
уæ дыууæйæ дæр?»

46Ревеккæ Исаакæн загъта: «Мæ цард мын
ад нал кæны нæ хеттаг чындзыты аххосæй.
Йаков дæр ма амы чызджытæй, хеттæгтæй,
куы æрхæсса, мæнæ адоны хуызæттæй, уæд
ма мæ цард цы у?»

**28** Исаак Йаковмæ басидт, арфæ йын ра-
кодта æмæ йын бафæдзæхста: «Ханаанаг
чызджытæй ма ракур. 2Фæлтау ацу Паддан-
Араммæ, дæ мады фыд Бетуелы хæдзар-
мæ, æмæ уым дæ мады 'фсымæр Лаваны
чызджытæй искæй ракур. 3Æппæтхъомыс
Хуыцау дын арфæгæнæг уæд! Дæ байзæддæг-
ты дын сбирæ кæнæд, хæдзарвæндæгтæ дæ
рантысæд! 4Хуыцау Авраамæн куыд раарфæ
кодта, афтæ дæуæн æмæ дæ байзæддагæн
дæр раарфæ кæнæд, цæмæй, Авраамæн
зæрдæ цы зæххæй бавæрдта æмæ ныр ды
æрцæуæггагæй кæм цæрыс, уый бауа дæ
исбон!» 5Исаак Йаковы ауагъта, æмæ уый
араст ис Паддан-Араммæ, арамейаг Бетуе-
лы фырт Лаванмæ — Йаков æмæ Исавы мад
Ревеккæйы æфсымæрмæ.

6Исав базыдта: Исаак Йаковæн раарфæ
кодта æмæ йæ Паддан-Араммæ ус курынмæ
арвыста. Арфæ йын куы кодта, уæд ын ба-
фæдзæхста, ханаанаг чызджытæй ма ракур,
зæгъгæ. 7Йаков байхъуыста йæ фыд æмæ йæ
мадмæ æмæ араст ис Паддан-Араммæ. 8Аф-
тæмæй Исав бамбæрста, ханаанаг чындзытæ
йæ фыд Исаакы зæрдæмæ нæ цæуынц, уый.
9Уæд фæцыд Измаелмæ æмæ ма æрхаста иу
ус — Авраамы фырт Измаелы чызг Махалаты,
Невайоты хойы.

10Ныр Йаков та Беер-Шевæйæ ацыди Ха-
ранмæ. 11Иу ранмæ бахæццæ ис æмæ уым
бахсæвиуат кодта, уымæн æмæ уæдмæ хур
аныгуылди. Йæ алыварс цы стыр дуртæ уы-
дис, уыдонæй иу райста, йæ нывæрзæн æй
бакодта æмæ уыцы ран бахуыссыди. 12Федта
фын: зæххыл лæууы, йæ кæрон уæларвыл
кæмæн æмбæлы, ахæм асин, æмæ йыл Ху-
ыцауы зæдтæ уæлæмæ-дæлæмæ хизынц.
13Дунедарæг лæууы асины сæр æмæ дзуры:
«Æз Дунедарæг дæн, дæ фыдæл Авраамы
Хуыцау æмæ Исаакы Хуыцау. Цы зæххыл
хуыссыс, уый ратдзынæн дæуæн æмæ дæ
байзæддагæн. 14Дæ байзæддæгтæ зæххы ры-
гау сбирæ уыдзысты æмæ ахæлиу уыдзысты
ныгуылæнæрдæм æмæ скæсæнæрдæм, цæ-
гатæрдæм æмæ хуссарæрдæм. Дæу æмæ дæ
байзæддæгты фæрцы арфæгонд уыдзысты
æппæт адæмтæ дæр. 15Рох дæ ма уæд, Æз
демæ дæн. Кæдæмдæриддæр ацæуай, уым
дæ бахъахъхъæндзынæн æмæ дæ ацы зæхмæ
фæстæмæ æрбаздахдзынæн. Нæ дæ ныу-
уадздзынæн: сæххæст кæндзынæн, зæрдæ
дын цæмæй бавæрдтон, уый».

16Йаков райхъал ис æмæ загъта: «Дуне-
дарæг ацы ран ис, æнæмæнг, æз та йæ нæ
зыдтон!» 17Тынг фæтарст æмæ загъта: «Цы
æвирхъау тасæфтауæг у ацы бынат! Цы у,
уымæй — Хуыцауы хæдзар, арвы дуар».

18Йаков сыстади сæумæйæ, йæ нывæр-
зæнæй дур райста æмæ йæ сæвæрдта ны-
санæн, оливæйы сой йыл рауагъта. 19Уыцы
бынат схуыдта Вефил, раздæр та сахары
ном уыди Луз.

20Йаков расомы кодта: «Хуыцау мыл куы
ауда, мæ фæндагыл мæ куы хъахъхъæна,

къæбæр æмæ дарæсæй мæ цух куынæ уа-
дза, 21стæй мæ фыды уæзæгыл фæстæмæ
фарнимæ куы сæмбæлон, уæд Дунедарæг
уыдзæни мæ Хуыцау. 22Зæрдылдаринагæн
цы дур сæвæрдтон, уый Хуыцауы хæдзар
суыдзæн æмæ мын цыдæриддæр дæттай,
уымæн Дын фæстæмæ йæ дæсæймаг хай
дæтдзынæн».

**29** Йаков араст ис дарддæр æмæ скæсæйнаг
адæмы бæстæм бахæццæ ис. 2Иу ран, быды-
ры, федта цъай, цъайæн йæ цуры ривæд код-
той фысты æртæ дзуджы. Дон-иу сын дард-
той ам. Цъайы сæрыл — стыр къæй фæлдæхт,
3æмæ-иу фыстæ уырдæм куы ’рбамбырд
сты, уæд-иу фыййæуттæ уыцы къæй иуварс
ассыдтой æмæ-иу сын дон бадардтой, стæй
та-иу къæй фæстæмæ йæ бынаты сæвæрд-
той. 4Йаков фыййæутты бафарста: «Кæцæй
стут, ме ’фсымæртæ?» Дзуапп ын радтой:
«Харанæй». 5Йаков та сæ бафарста: «Нахоры
байзæддаг Лаваны зонут?» Загътой: «Зонæм
æй». 6Бафарста ма сæ: «Дзæбæх, æнæниз у?»
Дзуапп та йын радтой: «Дзæбæх у. Уартæ
йæ чызг Рахел фосимæ æрбацæуы». 7Йаков
сын загъта: «Изæрмæ ма бирæ рæстæг ис,
фос æмбырд кæныны афон нæма у. Дон сын
бадарут æмæ сæ хизынмæ аскъæрут». 8Фæ-
лæ йын уыдон загътой: «Цалынмæ дзугтæ
иууылдæр æрæмбырд уой, уæдмæ нæ бон
нæу. Стæй цъайы сæрæй къæй ассондзыстæм
æмæ фыстæн дон бадардзыстæм».

9Йаков ма семæ куыд ныхас кодта, аф-
тæ йæ фыды фысвосимæ æрбахæццæ ис
Рахел дæр — уый сæ хызта. 10Йаков йæ ма-
ды ’фсымæр Лаваны чызджы куы ауыдта
фыстимæ, уæд цъаймæ бауад, къæй иуварс
ассыдта æмæ Лаваны фосæн дон бадардта.
11Уый фæстæ Йаков Рахелæн аба кодта æмæ
хъæрæй ныккуыдта. 12Стæй Йаков загъта
Рахелæн, дæ фыды хион дæн, зæгъгæ, Ревек-
кæйы фырт. Чызг азгъордта æмæ хабар йæ
фыдæн фехъусын кодта. 13Лаваны хъустыл
йæ хойы лæппу Йаковы кой куы ’рцыди, уæд
разгъордта йæ размæ, ахъæбыс, аба йын
кодта æмæ йæ сæхимæ бахуыдта. Йаков ын
йæ хабæрттæ иууылдæр радзырдта, 14æмæ
йын Лаван загъта: «Ды мæ туг, ме стæг куы
дæ æцæгдæр!»

Йаков Лаванмæ иу мæй куы ацарди, 15уæд
ын Лаван афтæ: «Хион мын дæ, зæгъгæ, уæд
мын лæвар хъуамæ кусай? Цас мызд дæ хъæ-
уы, уый мын зæгъ!» 16Ныр Лаванæн та уы-
ди дыууæ чызджы, хистæр — Леа, кæстæр
та — Рахел. 17Леайы зæрдæмæдзæугæ ничи
рахуыдтаид, Рахелмæ та фыр рæсугъдæй
бакæсæнтæ нæ уыд. 18Йаков бауарзта Рахе-
лы æмæ Лаванæн загъта: «Дæ кæстæр чызг
Рахелы тыххæй дын бакусдзынæн авд азы».
19Лаван ын загъта: «Æндæр искæмæн ратты-
ны бæсты йæ дæуæн ратдзынæн. Ам баззай».

20Йаков Рахелы тыххæй бакуыста авд азы,
æмæ йæм фæкастысты цалдæр боны хуызæн,
уымæн æмæ Рахелы уарзгæ кодта. 21Йаков
Лаванæн загъта: «Мæ усаджы мын ратт —
ныр афон у, æмæ йемæ бацæрон». 22Лаван
æрхуыдта æппæт сыхбæсты дæр æмæ куывд
скодта. 23Æцæг, æхсæвы Йаковмæ бакодта йæ
чызг Леайы, æмæ уый йемæ æмуат æрцыди.
24Йæ чызг Леайæн лæггад кæнынæн Лаван
радта йæ унæут Зилпайы. 25Райсомæй Йа-
ков кæсы, æмæ дын мæнæ йæ фарсмæ Леа!
Лаванæн бауайдзæф кодта: «Уый мын цы
бакуыстай? Æз дæм Рахелы тыххæй куы
фæфыдæбон кодтон! Цæмæн мæ афæлыв-
тай?» 26Лаван ын загъта: «Махмæ афтæ нæ
фæкæнынц, кæстæр чызджы хистæры разæй
моймæ нæ фæдæттынц. 27Аимæ уал уæ чын-
дзæхсæвы къуыри ахицæн уæд, стæй дын
иннæйы дæр ратдзыстæм, æрмæст мæм
уый тыххæй дæр авд азы бакус». 28Йаков
сразы ис, æмæ чындзæхсæвы къуыри куы
ахицæн ис, уæд ын Лаван радта йæ чызг
Рахелы. 29Лаван йæ чызг Рахелæн лæггад
кæнынæн радта йæ унæут Билхайы. 30Аф-
тæмæй Йаков æмуат æрцыди Рахелимæ дæр
æмæ йæ фылдæр уарзта Леайæ. Лаванмæ ма
бакуыста ноджыдæр авд азы.

31Дунедарæг федта, Йаковæн Леа æнад
кæй у, уый æмæ йын радта зæнæджы амонд,
Рахел та разынд æнæзæнæг. 32Леа банхъæл-
цау ис, ныййардта лæппу æмæ йыл сæвæрд-
та ном Рувим. «Дунедарæг мын федта мæ
маст, — загъта уый, — ныр мæ, æнæмæнг,
бауарздзæни мæ мой». 33Банхъæлцау та ис,
æмæ та йын райгуырди лæппу. Загъта: «Ду-
недарæг федта, мæ мойæн æнад кæй дæн,
уый æмæ ма мын радта ацы лæппуйы дæр».
Сæвæрдта йыл ном Симеон. 34Банхъæлцау
та ис, æмæ та йын райгуырди лæппу. Загъта:
«Ацы хатт мæ мой æрæмуд уыдзæни мемæ,
уымæн æмæ йын æртæ фырты ныййардтон».
Уымæ гæсгæ йыл æвæрд æрцыди ном Левий.
35Ногæй та банхъæлцау ис, æмæ та йын рай-
гуырди лæппу. Загъта: «Ныр стаудзынæн
Дунедарæджы!» Уымæ гæсгæ йыл сæвæрдта
ном Иудæ. Уый фæстæ Леайæн цот нал цыди.

**30** Рахелæн Йаковæй цот кæй нæ цыди, уы-
мæ гæсгæ йæ хомæ хæлæг кæнын райдыдта.

Иуахæмы йæ мойæн загъта: «Ратт мын цот,
науæд амæлдзынæн!» 2Йаков рамæсты ис
Рахелмæ: «Дæуæй афтæ, æз Хуыцау дæн?
Уый дын Хуыцау нæ дætты цот». 3Ууыл ын
Рахел загъта: «Мæнæ мæ унæут Билхамæ
бацу, æмæ мын мæ хъæбысмæ ныййарæд,
æмæ уæд уый фæрцы æз дæр схæдзар уы-
дзынæн». 4Рахел йæ унæут Билхайы йæ мо-
йæн номылусæн радта, æмæ Йаков æмуат
æрцыди йемæ. 5Билха банхъæлцау ис æмæ
Йаковæн ныййардта фырт. 6Рахел загъта:
«Хуыцау мæ срасткодта — фехъуыста мын
мæ лæгъстæ æмæ мын лæппу радта». Уымæ
гæсгæ йыл Рахел сæвæрдта ном Дан. 7Ра-
хелы унæут Билха та банхъæлцау ис æмæ
Йаковæн ныййардта дыккаг фырт. 8Рахел
загъта: «Хуыцауы æххуысæй стох кодтон мæ
хоимæ æмæ йыл фæтых дæн». Æмæ сабийыл
сæвæрдта ном Неффалим.
9Леа федта, зæнæг ын кæй нал цæуы, уый,
æмæ йæ унæут Зилпайы Йаковæн номылу-
сæн радта. 10Леайы унæут Зилпа Йаковæн
ныййардта фырт. 11Леа загъта: «Бантысти
мын!» Æмæ йыл сæвæрдта ном Гад. 12Леайы
унæут Зилпа ма Йаковæн ныййардта ноджы-
дæр иу фырт. 13Леа загъта: «Амондджын дæн!
Сылгоймæгтæ мæ схондзысты амондджын».
Æмæ сабийыл сæвæрдта ном Асир.
14Иуахæмы, мæнæугæрдæнты, Рувим
ацыди быдырмæ, уым ссардта мандрагоры
дыргътæ æмæ сæ æрбахаста йæ мад Леайæн.
Рахел бахатыди Леамæ: «Ратт-ма мын, дæ
лæппу кæй æрбахаста, уыцы дыргътæй».
15Фæлæ йын Леа афтæ: «Мæ мойы мын байс-
тай, уый дын æгъгъæд нæу, æмæ ма уыцы
дыргътæ дæр дæхирдыгæй фæкæнинаг дæ?»
Рахел ын загъта: «Омæ-иу ацы дыргъты
ныхмæ демæ фæуæд ахсæв». 16Йаков изæры
быдырæй куы æрбацыди, уæд Леа йæ размæ
рауад æмæ йын загъта: «Мæнмæ рацу. Мæ
лæппу цы дыргътæ ссардта, уыдонæй дæ
балхæдтон». Æмæ Йаков уыцы æхсæв йемæ
фæци. 17Хуыцау Леайы лæгъстæ фехъуыс-
та, æмæ уый банхъæлцау ис æмæ Йаковæн
ныййардта фæндзæм фырт. 18Загъта: «Мæ
унæуты мæ мойæн кæй радтон, уый сæрмæ
мын Хуыцау саккаг кодта хæрзиуæг». Æмæ
сабийыл сæвæрдта ном Иссахар. 19Леа та
банхъæлцау ис æмæ Йаковæн ныййардта
æхсæзæм фырт. 20Загъта: «Диссаджы лæвар
мын ракодта Хуыцау. Ныр мæ уарздзæни
мæ мой, уымæн æмæ йын æхсæз фырты
ныййардтон». Æмæ сабийыл сæвæрдта ном
Зевулон. 21Уый фæстæ ма Леа ныййардта
чызг æмæ йыл сæвæрдта ном Динæ.
22Фæлæ Хуыцау Рахелмæ дæр æркасти, йæ
лæгъстæ йын фехъуыста æмæ йын радта зæ-
нæджы амонд. 23Рахел банхъæлцау ис, лæппу
йын райгуырд, æмæ загъта: «Мæ худинагæй
мæ фервæзын кодта Хуыцау». 24Сабийыл сæ-
вæрдта ном Йосеф æмæ загъта: «Дунедарæг
ма мын раттæд дыккаг лæппу дæр!»
25Рахелæн Йосеф куы райгуырд, уый фæс-
тæ Йаков Лаванæн загъта: «Ауадз мæ гъеныр,
æмæ нæхимæ, мæ фыды уæзæгмæ, ацæуон.
26Ратт мын, кæй тыххæй дæм фæкуыстон,
мæ уыцы устытæ æмæ сывæллæтты, æмæ
ацæуон. Цас дын фæкуыстон, уый куы зо-
ныс». 27Лаван ын афтæ: «Кæд мæ дæ хорзæхы
аккаг кæныс, уæд дæ курын, æмæ баззай!
Дæсныфæрсгæйæ мын раргом ис, Дунедарæг
мæнæн дæу тыххæй кæй раарфæ кодта, уый».
28Ноджы ма бафарста: «Бæлвырд мын зæгъ,
цас мызд дын раттон?» 29Йаков ын дзуапп
радта: «Дæхæдæг æй куы зоныс, мæ фæл-
лойы руаджы дæ фос куыд сбирæ сты, уый.
30Мæ размæ дæм чысыл йеддæмæ нæ уыди,
ныр дын зæххыл нал цæуынц. Дунедарæг
дын ме 'рбацыдимæ арфæ ракодта. Фæлæ
мæхи хæдзарæн та кæд кусон?» 31Лаван æй
бафарста: «Уæддæр ма зæгъ, цы дын раттон?»
Йаков ын афтæ: «Мацы мын ратт. Фæлæ мын
иу хъуыддаг куы саразай, уæд дын дарддæр
дæр хиздзынæн æмæ хъахъхъæндзынæн дæ
фос. 32Цæй æмæ абон дæ дзугтыл æрзилон
æмæ фосæй фæхицæн кæнон гæрæм, сау
æмæ, тæппытæ кæуыл ис, уыцы фысты; гæ-
рæм æмæ, тæппытæ кæуыл ис, уыцы сæгъты.
Уый у мæ куысты мызд. 33Мæ цæсгом дæ
разы сыгъдæг кæй у, уый базондзынæ, мæ
мыздæн цы фос равзæрстон, уый фенынмæ
куы æрбацæуай, уæд. Сæгътæй гæрæм, стæй
тæппытимæ чи нæ разына, фыстæй та сау
чи нæ уа, уыдон мын-иу давдыл банымай».
34Лаван ын загъта: «Хорз. Ды куыд зæгъыс,
афтæ уæд».
35Тæккæ уыцы бон Лаван фæхицæн кодта
гæрæм æмæ, тæппытæ кæуыл уыди, уыцы
цæуты; гæрæм æмæ, тæппытæ кæуыл уыди,
уыцы сæгъты, ома урс тæпп дзы кæуылдæ-
риддæр уыди, уыцы цæутæ æмæ сæгъты.
Фысты 'хсæн та сауты фæхицæн кодта ин-
нæтæй. Фосы йæ фыртты бар бакодта 36æмæ
семæ æртæ бонцауы адард ис Йаковæй. Ныр

**30:6** Ома «Уый сраст кодта». **30:8** Йæ зæлынадмæ гæсгæ ацы ном у дзуттаг дзырд «тох кæнын»-ы æнгæс. **30:11** Ома «æнтыст». **30:13** Асир — дзуттаг æвзагыл ацы ном нысан кæны «амондджын». **30:24** «Æндæр дæр ма дын раттæд Уый» — ацы фразæ æмæ ном «Йосеф» дзуттаг æвзагыл сæ зæлынадмæ гæсгæ æнгæс сты.

Йаков та хызта, Лаваны лыстæг фосæй ма
йæм цы баззади, уыдон.
37Йаков райста гæдыбæласы, миндал-æх-
сæры æмæ тæрсы хуылыдз уистæ, сæ цъа-
рæй сын æхсæнмæ-æхсæнты уадздзæгтæ
растыгъта, урс куыд адарой, афтæ 38æмæ-иу
уыцы гæрæм уистæ æрæвæрдта доны тæгæ-
наты, фосæн сæ тæккæ раз. Уыдон-иу дон
нуазынмæ æрбацыдысты æмæ-иу уым тæ-
рæн кодтой. 39Сæгътæ-иу схъазыдысты, уис-
тæ сæ цæстыты раз, афтæмæй, æмæ-иу, цы
сæныччытæ ныззадысты, уыдон рауадыс-
ты хъулæттæ, гæрæмтæ æмæ тæппытимæ.
40Фысты та-иу сæ хъазын афон æрлæууын
кодта хицæнæй, се 'ргом Лаваны гæрæм
æмæ сау фосы 'рдæм, афтæмæй. Уыйадыл
Йаковмæ фæзынди йæхи фосы дзуггæ, æмæ
сæ Лаваны дзуггæй дардта иппæрдæй. 41Фи-
дар фос-иу куы кодтой тæрæн, уæд-иу сын
Йаков алкæддæр сæ разы тæгæнаты уистæ
æрæвæрдта, цæмæй уыцы уисты цур схъа-
зой. 42Лæмæгъ фос куы кодтой тæрæн, уæд
уыдонæн та не 'вæрдта. Æмæ-иу лæмæгъ
фос баисты Лаваны, фидар фос та — Йако-
вы. 43Йаков сси æвæджиауы бонджын лæг.
Уыди йæм тынг бирæ фыстæ æмæ сæгътæ,
сылгоймаг æмæ нæлгоймаг цагъартæ, теуатæ
æмæ хæрджытæ.

**31** Йаковы хъустыл æрцыдысты Лаваны
фыртты ныхæстæ: «Йаков нын нæ фыды
исбон иууылдæр йæхирдыгæй фæкодта. Уый
бæрц мулк ратыдта нæ фыдæй!»
2Æмæ Йаков Лаваны куы федта, уæд ба-
фиппайдта, раздæры цæстæй йæм кæй нал
кæсы, уый.
3Дунедарæг Йаковæн загъта: «Аздæх дæ
фыдæлты зæхмæ, дæ хионтæм. Æз уыдзы-
нæн демæ». 4Йаков арвыста Рахел æмæ Ле-
амæ, цæмæй рацæуой бидырмæ, йæ фосы
дзуггæ кæм уыдысты, уырдæм, 5æмæ сын
загъта: «Уæ фыды уын федтон æмæ бафип-
пайдтон, раздæрау мæм хорз цæстæй нал
кæсы, уый. Фæлæ мыл мæ фыды Хуыцау
ауды. 6Уæхæдæг æй зонут: уæ фыдæн куыс-
тон, мæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, 7уый та-иу мæ
афæлывта, иу-дæс хатты мын аивта мæ мызд
дæр. Фæлæ йæ уæддæр Хуыцау нæ бауагъта
мæнæн фыдбылыз ракæнын. 8Лаван мын аф-
тæ куы загъта, тæппытимæ цы фос фæзына,
уый уыдзæни дæ мызд, зæгъгæ, уæд æппæт
фос дæр фæзынди тæппытимæ. Гæрæм фос
уыдзæни дæ мызд, зæгъгæ, мын куы загъта,
уæд та фосы зæйц иууылдæр разындис гæ-
рæм. 9Афтæмæй Хуыцау уæ фыды фос байста
æмæ сæ мæнæн радта. 10Иуахæмы фосы хъа-
зын афон федтон ахæм фын: сæгътимæ цы
цæутæ хъазыд, уыдон уыдысты хъулæттæ,
гæрæмтæ æмæ тæппытимæ. 11Хуыцауы зæд
мæм фыны басидт: „Йаков!“ Æз ын дзуапп
радтон: „Хъусын дæм“. 12Уый загъта: „Акæс-
ма, сæгътимæ цы цæутæ хъазынц, уыдон
сты хъулæттæ, гæрæмтæ æмæ тæппытæ,
уымæн æмæ Æз федтон, Лаван дын цытæ
кæны, уый. 13Æз Вефилы Хуыцау дæн, уаз
дуры цъуппыл оливæйы сой æруадзгæйæ
Мын сомы кæм ракодтай, уыцы Вефилы
Хуыцау. Ныр æвæстиатæй ацу ацы зæххæй
æмæ аздæх дæ райгуырæн бæстæм“».
14Рахел æмæ Леа Йаковæн загътой: «Нæ
фыды хæдзарæй ма нæм исты хай, исты
мулк æрхаудзæни, мыййаг? 15Æцæгæлæттыл
нæ куы нымайы! Ауæй нæ кодта æмæ нын
нæ аргъ йæхæдæг бахордта. 16Хуыцау нæ
фыдæй цы исбон райста, уый ай-гъай мах
æмæ нæ цоты у. Гъемæ дын Хуыцау куыд
загъта, афтæ кæн».
17Йаков йæ бинонты теуатыл сбадын код-
та, 18сæргъæвта йе 'ппæт мулк, ахъæр кодта,
Паддан-Арамы кæй самал кодта, уыцы фо-
сыл æмæ араст ис йæ фыд Исаакмæ, Ханаа-
ны зæхмæ. 19Уыцы рæстæг Лаван ацыд йæ
фыстæ æлвынынмæ, æмæ Рахел радавта йæ
фыды хæдзарон хуыцаугæндтæ. 20Йаков дæр
хинæй рацыд арамейаг Лаваныл — ницы йын
загъта, 21афтæмæй сусæгæй алыгъд йе 'ппæт
исбонимæ. Евфраты доны сæрты ахызт æмæ
йæ ных саразта Галаады хæхтæм.
22Æртыккаг бон Лаванмæ хабаргæнæг
фæци, Йаков алыгъди, зæгъгæ. 23Лаван йæ
хæстæджыты йемæ ракодта æмæ фæсте ра-
сырдта Йаковы. Авд боны фæстæ йæ Галаады
хæхты баййæфтой. 24Фæлæ уыцы æхсæв
арамейаг Лаванмæ йæ фыны Хуыцау æр-
гом рацыд æмæ йын бафæдзæхста: «Хъусыс,
Йаковмæ мацы сдзур!» 25Лаван Йаковы куы
баййæфта, уæдмæ уый Галаады хæхбæсты
айтыгъта йæ цатыр. Лаван дæр йæ хионтимæ
рæсæнуат скодта уыцы хæхбæсты.
26Лаван Йаковы бафарста: «Уый цы ба-
куыстай? Хинæй мыл цæмæн рацыдтæ?
Мæ чызджыты мын дæ разæй, хæсты заман
уацайраг чызджыты куыд фæтæрынц, аф-
тæ ратардтай! 27Сусæгæй цæмæн алыгътæ,
куыд мæ афæлывтай? Куыд ницы мын загъ-
тай? Æз дæ афæндараст кодтаин хъæлдзæг
зарджытимæ, далатæ æмæ хъисфæндырты
цагъдимæ. 28Мæ зæнæджы зæнæг æмæ мын
мæ чызджытæн аба кæныны фадат дæр ку-
ынæуал радтай. Æнæрхъуыды ми бакодтай

ды. 29Мæ бон у æмæ уæ бафхæрон, фæлæ
мын дысон уæ фыды Хуыцау ныффæдзæхста,
Йаковмæ мацы сдзур, зæгъгæ. 30Дæ фыды
уæзæг фенын дæ бафæндыди нæхъæцгæ-
йæ, æмæ мæнæй рацыдтæ, уый, зæгъæм,
фæуæд афтæ, фæлæ мын мæ хуыцæутты
та цæмæн радавтай?» 31Йаков дзуапп радта
Лаванæн: «Æз тарстæн, дæ чызджыты мын
фæстæмæ куы байсай, уымæй. 32Æцæг, дæ
хуыцæутты кæмæ ссарай, уый удæгасæй нæ
баззайдзæни! Хиуæттæ æвдисæн фæуæнт:
цыдæриддæр мæм ис, уымæ æркæс æмæ
дæхион фæстæмæ райс!» Йаков нæ зыдта,
хуыцаугæндтæ Рахел кæй радавта, уый.

33Лаван баджигул кодта Йаковы цатыры,
Леайы цатыры æмæ дыууæ унæуты цаты-
ры, фæлæ ницы ссардта. Леайы цатырæй
куы рацыди, уæд Рахелы цатырмæ бахызти.
34Уæдмæ Рахел хуыцаугæндтæ райста, те-
уайы саргъыл цы хордзен æфтыд уыди, уым
сæ нывæрдта æмæ йыл æрбадти. Лаван ын
басгæрста йæ цатыры æппæт къуымтæ, фæ-
лæ ницы ссардта. 35Рахел йæ фыдæн афтæ:
«Ма мæм фæхæрам уæд мæ хицау, мæ бон
ын сыстын кæй нæу, уый тыххæй: ныртæккæ
сылгоймаджы низæй тыхсын». Афтæмæй,
Лаван йæ хуыцаугæндтæ фæцагуырдта, фæ-
лæ сæ не ссардта.

36Йаков рамæсты ис æмæ Лаванæн уай-
дзæфтыл схæцыди: «Уæддæр цы у мæ фыд-
ракæнд, цавæр тæригъæды бацыдтæн, цæ-
мæй гурæй-гурмæ мæ фæдыл зилай? 37Ме
’ппæт дзауматæ дæр мын басгæрстай æмæ
мæм дæхионæй цы ссардтай? Æрæвæр-ма
сæ ам мæ хиуæтты раз, æмæ нæ дыууæйæн
тæрхонгæнæг фæуæнт! 38Ссæдз азы дæм
фæдæн, æмæ дæ фыстæ дæр, дæ сæгътæ
дæр никуы фефтыдтой. Дæ дзуджы фыстæй,
мæхи дзы куы бафсадин, зæгъгæ, никуы ар-
гæвстон. 39Дæ фосæй дын тугдзых сырд ар-
гæвста, зæгъгæ, уæд-иу дæм æй нæ бахастон,
фæлæ-иу дын йæ аргъ мæхæдæг бафыстон.
Боныгон æрцыдаид уыцы зиан æви æхсæв —
агуырдтай йæ мæнæй. 40Бон-иу æнтæфæй
тыхстæн, æхсæв — уазалæй, æмæ-иу мæ ху-
ыссæг фæлыгъди. 41Гъе афтæмæй ссæдз азы
арвыстон дæ хæдзары. Дæ дыууæ чызджы
тыххæй дын фæкуыстон цыппæрдæс азы,
фосы тыххæй та — æхсæз. Мæ мызд дæр мын
аивтай иу-дæс хатты. 42Мæ фыдæл Авраамы
Хуыцау, Исаак Кæмæй тæрсы, уыцы Хуыцау
мемæ куынæ уыдаид, уæд мæ ныридæгæн
æнæ ницæмæй рарвыстаис. Фæлæ мын Ху-
ыцау федта ме ’фхæрд æмæ мæ хъиамæт æмæ
дысон мæ сæрыл рахæцыди».

43Лаван Йаковæн загъта: «Мæнæ — мæ
чызджытæ, мæнæ — мæ зæнæджы зæнæг,
мæнæ — мæ фос. Ам цыдæриддæр уыныс,
уыдон мæн сты. Фæлæ ма ныр цы ракæнын
у мæ бон мæ чызджытæн кæнæ, кæй ный-
йардтой, уыцы сывæллæттæн? 44Цæй æмæ
бафидауæм, æмæ нæ фидыд исты нысанæй
сфидар кæнæм!»

45Уыйадыл Йаков дурцæджындз сæвæрдта,
зæрдыл дарыны охыл, 46æмæ йæ хиуæттæн
загъта: «Æрæмбырд кæнут дуртæ». Уыдон
дурцæнд самадтой æмæ цæнды цур минасыл
æрбадтысты. 47Лаван уыцы цæнд схуыдта
Йегар-Сахадута, Йаков та — Гал-Ед. 48Лаван
загъта: «Абон ацы дурцæнд нæ дыууæйæн
дæр — æвдисæн». Уымæ гæсгæ йæ схуыдтой
Гал-Ед, 49стæй — Мицпа, уымæн æмæ ма Ла-
ван йæ ныхасмæ бафтыдта: «Дунедарæг Йæ
цæст дарæд нæ дыууæмæ дæр, кæрæдзийы
куынæуал уынæм, уæд. 50Мæ чызджыты
мын куы æфхæрай кæнæ ма æндæр устытæ
куы æрхæссай, уæд-иу дæ зæрдыл дар: ам
нæ цуры æвдисæны номыл иу адæймаг дæр
нæй — Хуыцау у нæ дыууæйæн æвдисæн!»

51Лаван ма Йаковæн ноджыдæр загъта:
«Дæ зæрдыл дар! Мæнæ — дурцæнд, мæнæ
уый та — уаз дур, нæ дыууæйы ’хсæн кæй
ныссагътон, уый. 52Ацы дурцæнд æмæ ацы
уаз дур уыдзысты æвдисæн, фыдвæнди-
мæ дæм кæй нæ бацæудзынæн сæ фаллаг
фарсмæ, ды дæр мæм фыдвæндимæ кæй не
’рбацæудзынæ сæ ацы фарсмæ. 53Тæрхон-
гæнæг нын фæуæнт Авраамы Хуыцау æмæ
Нахоры хуыцау». Æмæ Йаков ард бахордта
йæ фыд Исаакы Хуыцауæй. 54Стæй Йаков
уым, хохы сæрыл, нывонд æрхаста æмæ йæ
хæстæджытæм фæдзырдта. Фæминас кодтой
æмæ уыцы æхсæв уым баззадысты. 55Райсо-
мæй раджы Лаван йæ зæнæджы зæнæг æмæ
йæ чызджытæн фæбатæ кодта, раарфæ сын
кодта æмæ йæ хæдзармæ аздæхтис.

**32** Йаков дарддæр араст ис йæ фæнда-
гыл, æмæ йыл амбæлдысты Хуыцауы зæд-
тæ. 2Йаков сæ куы федта, уæд загъта: «Ай
у Хуыцауы рæсæнуат!» Æмæ уыцы бынат
схуыдта Маханаим.

3Йаков йæ разæй йе ’фсымæр Исавмæ
арвыста минæвæрттæ Сеиры зæхмæ, Едо-
мы бæстæм. 4Бафæдзæхста сын: «Ме ’лдар
Исавæн-иу зæгъут, дæ цагъар Йаков афтæ
зæгъы: „Æз ныронг цардтæн æцæгæлон зæх-
хыл, Лаванмæ. 5Ныр мæм ис галтæ æмæ

**31:49** Ома «фæлгæсæн мæсыг».

хæрджытæ, лыстæг фос, нæлгоймаг æмæ
сылгоймаг цагъартæ. Ме ’лдарæн хъусын
кæнын ацы хабар æмæ йын лæгъстæ кæнын,
йæ хæлардзинад мын ма бавгъау кæнæд!“»
6 Минæвæрттæ фæстæмæ æрбаздæхтысты
æмæ Йаковæн загътой: «Де ’фсымæр Исавмæ
дын бахæццæ стæм, æмæ, йемæ цыппарсæ-
дæ лæджы, афтæмæй дæ размæ рацæуы».
7 Тынг фæтарст Йаков. Йæ зæрдæ ныссæх-
хæтт кодта, æмæ йæ адæмы, йæ лыстæг фос,
йе стурвос æмæ йæ теуаты адих кодта дыууæ
рæсæнуатыл. 8 Загъта: «Исав йæхи иу рæсæ-
ныл куы ныццæва æмæ йæ куы ныддæрæн
кæна, уæддæр, иннæ рæсæны чи уа, уыдон
алидздзысты æмæ фервæздзысты».
9 Йаков скуывта: «О мæ фыдæл Авраамы
Хуыцау æмæ мæ фыд Исаакы Хуыцау! О Ду-
недарæг, афтæ мын Чи загъта, аздæх дæхи
бæстæм, дæ хионтæм, æмæ дыл ауддзынæн,
зæгъгæ! 10 Дæ цагъарæн æдзух цы хæрзты
цыдтæ æмæ йыл куыд иузæрдион уыдтæ, æз
уый аккаг нæ дæн. Кæддæр айдагъ лæдзæ-
гимæ ахызтæн Иорданы фалемæ, ныр мæ
фæллой у дыууæ рæсæнуаты фаг. 11 Гъемæ мæ
ме ’фсымæр Исавы фыдæхæй бахиз! Тæрсын,
куы ’рбацæуа æмæ куы амара мæн дæр æмæ
мæ цоты дæр сæ мадæлтимæ. 12 Зæрдæ мын
куы бавæрдтай, ауддзынæн дыл æмæ дын
денджызы змисау дæ байзæддæгты сбирæ
кæндзынæн, зæгъгæ».
13 Йаков уым бахсæвиуат кодта, стæй йе
’ппæт дзугтæй йе ’фсымæр Исавæн лæва-
ры хай рахицæн кодта 14 дыууæсæдæ сæ-
гъы, ссæдз цæуы, дыууæсæдæ фысы, ссæдз
фыры, 15 дæс æмæ ссæдз дуцгæ теуайы æд
лæппынтæ, дыууиссæдз хъуджы, дæс га-
лы, ссæдз сыл хæрæджы, дæс нæл хæрæ-
джы. 16 Йæ цагъарты бар сæ бакодта, алы
дзугæн дæр — хицæн скъæрæг, æмæ сын
бафæдзæхста: «Цæугæут мæ разæй, уæ кæ-
рæдзийæ дæрддзæфгомау». 17 Фыццаг ца-
гъарæн загъта: «Ме ’фсымæр Исав дыл куы
амбæла, уæд дæ фæрсдзæни, кæй цагъар
дæ, кæдæм цæуыс æмæ кæй фос тæрыс дæ
разæй, зæгъгæ. 18 Дзуапп-иу ын ратт: „Уыдон
дæ цагъар Йаковы фос сты, ме ’лдар Иса-
вæн сæ рарвыста лæварæн. Йæхæдæг дæр
нæ фæстæ рацæуы“». 19 Йаков бафæдзæхста
дыккаг цагъарæн, æртыккагæн æмæ, фосы
фæдыл чи цыди, уыцы цагъартæн се ’ппæ-
тæн дæр: «Сымах дæр-иу афтæ зæгъут Иса-
вæн, куы йыл амбæлат, уæд. 20 Уæ ныхасыл
ма-иу æнæмæнг бафтаут: „Дæ цагъар Йаков
йæхæдæг дæр нæ фæстæ рацæуы“». Афтæ
хъуыды кодта: «Йæ зæрдæ йын балхæнон,
мæ разæй цы лæвæрттæ фæцæуы, уыдонæй,
æмæ йæм мæхи куы равдисон, уæд мын, чи
зоны, ныббара».
21 Афтæмæй Йаков йæ лæвæрттæ разæй
арвыста, йæхæдæг та æхсæвы рæсæнуаты
баззади.
22 Тæккæ уыцы æхсæв Йаков сыстади, сыс-
тын кодта йæ дыууæ усы, сæ унæутты, йæ
иуæндæс фырты æмæ доны тæнджыты семæ
Йавочы фаллаг фарсмæ бахызти. 23 Фаллаг
фарсмæ бахизын кодта се ’ппæты дæр, цы-
дæриддæр æм уыдис, уыимæ.
24 Æмæ мæнæ Йаков иунæгæй аззади. Уæд
Чидæр йемæ хъæбысæй хæцын райдыдта,
фæхæцыдысты суанг сæуæхсиды фæзынд-
мæ. 25 Йæ бон Йаковы абырсын нæу, уый куы
федта, уæд ын хæцгæ-хæцын йæ агъдмæ
февнæлдта, æмæ лæгæн йæ сины стæг фел-
вæсти. 26 Йаковæн загъта: «Суадз Мæ, бон
фæрухс кæны». Йаков ын афтæ: «Цалынмæ
мын арфæ ракæнай, уæдмæ Дæ не суадз-
дзынæн». 27 Уый йæ бафарста: «Дæ ном куыд
у?» Дзуапп ын радта: «Йаков». 28 Уый йын
загъта: «Нырæй фæстæмæ дæ ном уыдзæн
Йаков нæ, фæлæ Израил, уымæн æмæ ды
хæцыдтæ Хуыцауимæ æмæ адæмыл дæр
уæлахиз кæндзынæ». 29 Йаков Æм бахатыди:
«Дæ ном мын зæгъ, Дæ хорзæхæй». Уый йын
загъта: «Мæ номæй Мæ цы фæрсыс?» Æмæ
уым Йаковæн раарфæ кодта.
30 Йаков уыцы бынат схуыдта Пенуел, уы-
мæн æмæ, дам, Хуыцауы федтон ныхæй-
ныхмæ æмæ удæгасæй баззадтæн. 31 Уалын-
мæ хур скаст, æмæ Йаков Пенуелæй рараст
ис. Йæ синæй цыди къуылых. 32 Хъæбысæй-
хæцæг Йаковæн йæ сины хæцъæфмæ кæй
февнæлдта, уымæ гæсгæ израилæгтæ суанг
абонмæ дæр сины хæцъæф нæ хæрынц.

**33** Йаков кæсы, æмæ дын мæнæ Исав цып-
парсæдæ лæгимæ æрбацæуы. Уæд Леайы,
Рахелы æмæ дыууæ номылусы хицæнтæй
æрлæууын кодта, алкæй дæр — йæхи сывæл-
лæттимæ. 2 Разæй уыдысты номылустытæ сæ
цотимæ, уыдоны фæстæ — Леа йæ цотимæ,
се ’ппæты фæстæ та — Рахел æмæ Йосеф.
3 Йæхæдæг цыди разæй æмæ, цалынмæ йе
’фсымæрмæ бахæццæ ис, уæдмæ йын авд
хатты зæххы онг æркуывта. 4 Фæлæ йæм
Исав базгъордта æмæ йын фæбатæ æмæ
фæхъæбыстæ кодта, стæй дыууæйæ дæр
æмкуыд ныккодтой. 5 Исав сылгоймæгтæ
æмæ сывæллæтты куы федта, уæд бафарста:

**32:28** Ома «хæцы Хуыцауимæ».

«Адон дын чи сты?» Йаков дзуапп радта: «Ху-
ыцау дæ цагъарæн кæй балæвар кодта, уыцы
сывæллæттæ». [6]Уалынмæ сæ сывæллæттимæ
æрбахæццæ сты номылустытæ æмæ ныллæг
акуывтой Исавæн. [7]Стæй æрбахæццæ ис Леа
дæр йæ сывæллæттимæ, æмæ йын бакуыв-
той. Уыдоны фæстæ æрбахæццæ сты Йосеф
æмæ Рахел, æмæ йын уыдон дæр бакуывтой.
[8]Исав та Йаковы бафарста: «Цы дзугтæ
федтон, уыдон та дын цы сты?» Йаков ын
дзуапп радта: «Ме 'лдары зæрдæ балхæнинаг
сæ дæн». [9]Исав загъта: «Мæнмæ бирæ ис, ме
'фсымæр. Дæхион дæхицæн уадз». [10]Йаков
дзуапп радта: «Нæ, кæд мыл æвввæрсыс, уæд
мын мæ лæвар айс, дæ хорзæхæй! Дæ уынд
мын Хуыцауы фендау у, хур мыл ракасти.
[11]Айс, дæ хорзæхæй, мæ лæвар. Хуыцау мын
раарфæ кодта, æмæ мæм алцыдæр ис». Йаков
æм тынг бахатыд, æмæ уæд уый дæр уæлдай
ницыуал загъта.
[12]Исав Йаковæн зæгъы: «Цом, æз дæр демæ
цæуын». [13]Йаков ын дзуапп радта: «Сывæл-
лæттæ лæмæгъ сты, уый зоныс, ме 'лдар. Мæ
ногзад фыстæ æмæ хъуццытыл дæр тыхсын:
куы сæ атæрон, уæд иу бонмæ фæцагъды
уыдзысты иууылдæр. [14]Фæлтау, ме 'лдар,
ды, дæ хорзæхæй, дæ цагъары разæй ацу, æз
та дæ фæстæ — сындæггай, мæ разæй фос
куыд цæуой, стæй сывæллæттæ куыд фæра-
зой, афтæ, цалынмæ дæм, ме 'лдар, Сеирмæ
бахæццæ уон, уæдмæ». [15]Исав загъта: «Уæд
та дæм, цæй, мæ адæмæй иу къорд лæджы
ныууадзон». Фæлæ Йаков не сразы: «Цæмæн?
Дæ хорзæхы аккаг нæ дæн, ме 'лдар».
[16]Тæккæ уыцы бон Исав фæстæмæ аздæх-
ти Сеирмæ, [17]Йаков та араст ис Суккотмæ
æмæ уым айтыгъта йæ цатыр, йæ фосæн
та скодта халагъудтæ. Уымæ гæсгæ уыцы
бынат хуыйны Суккот.
[18]Афтæ Йаков, Паддан-Арамæй куы рацы-
ди, уæд сæрæгасæй бахæццæ ис ханаанаг са-
хар Шехемы онг æмæ сахармæ хæстæг æрбы-
нат кодта. [19]Йæ цатыр кæм айтыгъта, уыцы
зæххы хай балхæдта Шехемы фыд Хаморы
фырттæй — уый сæрмæ сын радта сæдæ æв-
зист æхцайы. [20]Уым сарæзта нывондхæссæн
æмæ йæ схуыдта Ел-Елохе-Исраел.

**34** Йаков æмæ Леайы чызг Динæ иуахæмы
ацыди уырдыгон чызджыты абæрæг кæнын-
мæ. [2]Бæстæйы хицау хивваг Хаморы фырт
Шехем æй куы федта, уæд æй аскъæфта
æмæ йын батых кодта. [3]Йаковы чызг Динæ
йæ зæрдæмæ фæцыди, бауарзта йæ æмæ
йыл рæвдауæн ныхæстæй узæлыди. [4]Шехем
бахатыд йæ фыд Хамормæ: «Ацы чызджы
мын ракур».
[5]Йаков фехъуыста, йæ чызг Динæ кæй фе-
гад ис, уый, фæлæ уыцы рæстæг йæ фырттæ
быдыры фос хызтой, æмæ се 'рбацыдмæ иу
дзырд дæр не схауди йæ дзыхæй. [6]Йаковимæ
баныхас кæнынмæ 'рбацыди Шехемы фыд
Хамор. [7]Уалынмæ быдырæй æрбаздæхтыс-
ты Йаковы фырттæ дæр æмæ, хабар куы
базыдтой, уæд зæрдæдзæф фесты. Сæ маст
фыхти, уымæн æмæ Шехем бакодта æнаккаг
ми — Йаковы чызгыл тыхæй кæй ныххæцы-
ди, уымæй фегад кодта Израилы хæдзар. Нæ
йын æмбæлд ахæм æнæуаг ми бакæнын.
[8]Хамор сæм бахатыди: «Мæ фырт Шехе-
мы зæрдæмæ тынг фæцыди уæ чызг, æмæ
йын æй, уæ хорзæхæй, раттут. [9]Стæй амæй
фæстæмæ дæр хæстæгдзинад кæнут не-
мæ: чызг дæр нын дæттут æмæ нæ чызг
дæр курут. [10]Цæрут не 'хсæн. Бæстæ мæнæ
уæ разы, — æрцæрут дзы, сæрибарæй йын
йæ зæххыл цæут æмæ уын дзы хай уæд».
[11-12]Шехем йæхæдæг та чызджы фыд æмæ
æфсымæртæн загъта: «Кæд мыл баввæрсат,
уæд уын бафиддзынæн, цыдæриддæр зæ-
гъат, уый. Æрцагурут тæккæ стырдæр ирæд
æмæ лæвæрттæ, æрмæст мæ æнæ дзуаппæй
ма арвитут».
[13]Йаковы фырттæ Шехем æмæ йæ фыд Ха-
морæн радтой хин дзуапп, уымæн æмæ сын
Шехем фегад кодта сæ хо Динæйы. [14]Загътой
сын: «Нæ бон уый бакæнын нæу. Худинаг у
махæн нæ хойы æнæсунæт лæджы фыццаг
скæнын. [15]Уемæ æрмæст уæд сразы уыдзыс-
тæм, мах хуызæн куы суат — уæ нæлгоймæг-
тæ æмхуызонæй куы æрцæуой сунæтгонд.
[16]Гъеуæд уын чызг дæр дæтдзыстæм æмæ
уæ чызг дæр курдзыстæм, æмæ цæрдзыс-
тæм уе 'хсæн, уемæ суыдзыстæм иу адæм.
[17]Нæ коммæ куынæ бакæсат æмæ сунæт
куынæ скæнат, уæд та нæ чызджы фæстæмæ
байсдзыстæм».
[18]Уыцы ныхæстæ фæцыдысты Хамор æмæ
йæ фырт Шехемы зæрдæмæ. [19]Лæппу нæ фæ-
зивæг кодта сунæт скæнынмæ, уымæн æмæ
уарзта Йаковы чызджы. Йæ фыды мыггаджы
'хсæн та Шехем тæккæ кадджындæр адæй-
магыл нымад уыди. [20]Хамор æмæ Шехем
æрлæууыдысты сæ сахары кулдуары раз
æмæ сахары цæрджытæн загътой: [21]«Уы-
цы адæм нæм кæсынц хæлар цæстæй. Уадз
æмæ æрцæрой нæ зæххыл, сæрибарæй йыл

**33:17** Ома «халагъудтæ». **33:20** Ома Израилы Хуыцау у
Стыр Иунæг Хуыцау.

цæуой — парахат куы у фæйнæрдæм сæ разы.
Мах та уыдонæй чызг дæр курдзыстæм æмæ
сын нæ чызджытæй дæр моймæ дæтдзыстæм.
22Фæлæ уыцы адæм не ’хсæн æрцæрыныл
æмæ, немæ иу адæм суой, ууыл разы сты
æрмæст ахæм дзырдæй: уыдонау махмæ
дæр хъуамæ сунæтгонд æрцæуа алы нæл-
гоймаг дæр. 23Ууыл куы сразы уæм, уæд
цæрдзысты не ’хсæн, æмæ мах бауыдзысты
се ’ппæт фос æмæ сæ исбон». 24Сахары цæр-
джытæ байхъуыстой Хамор æмæ йæ фырт
Шехеммæ, æмæ æппæт нæлгоймæгтæ дæр
æрцыдысты сунæтгонд.
25Æртыккаг бон, сунæтгæндтæн сæ хъæд-
гæмттæ нæма байгас сты, афтæ Йаковы дыу-
уæ фырты Симеон æмæ Левий, Динæйы
æфсымæртæ, райстой фæйнæ карды, æнæ-
къуылымпыйæ бацыдысты сахармæ æмæ
ныццагътой нæлгоймæгты иууылдæр. 26Кар-
дæй амардтой Хаморæн йæхи дæр æмæ йæ
фырт Шехемы дæр, стæй Шехемы хæдзарæй
Динæйы ракодтой æмæ рацыдысты.
27Уый фæстæ Йаковы иннæ фырттæ æр-
бацыдысты æмæ фæкъахтой, сæ хойы сын
кæм фегад кодтой, уыцы сахар. 28Ратæлæт
сын кодтой сæ лыстæг фос, се стурвос æмæ
сæ хæрджытæ, ахастой, сахары æмæ быдыры
цыдæриддæр фæллой уыди, уый. 29Афтæ-
мæй сын байстой се ’ппæт исбон. Сæ сабитæ
æмæ сын сæ устыты акодтой уацары, сæ
хæдзæртты ма цы баззади, уыдон дæр сын
рассывтой.
30Йаков Симеон æмæ Левийæн загъта:
«Фыдбылызы мæ баппæрстат! Сæнæуынон
мæ кодтат ацы бæстæйы цæрджытæн — ха-
наанæгтæ æмæ периззæгтæн! Мæ адæм цъус
сты, æмæ адон æмхуызонæй мæ ныхмæ
куы рацæуой, уæд мын мæхи дæр æмæ мæ
бинонты дæр бабын кæндзысты!» 31Симеон
æмæ йын Левий дзуапп радтой: «Ау, уæдæ
нын хæтаг сылы бынаты хъуамæ сæвæрд-
таиккой нæ хойы?»

**35** Хуыцау Йаковæн загъта: «Вефилмæ ссу,
æрцæр дзы æмæ Хуыцауæн — де ’фсымæр
Исавæй куы алыгътæ, уæд дæм æргом Чи
рацыди, Уымæн, — уым сараз нывондхæс-
сæн». 2Йаков йæ бинонтæн æмæ, йемæ чи-
дæриддæр уыдис, уыдонæн бафæдзæхста:
«Аппарут, æцæгæлон хуыцауæй уæм цыдæ-
риддæр ис, уыдон, уæхи ссыгъдæг кæнут
æмæ уæ дарæс раивут. 3Сыстæм ардыгæй
æмæ ссæуæм Вефилмæ. Уым сараздзынæн
нывондхæссæн, мæ зыны сахат-иу мын Чи
баххуыс кодта æмæ, цы фæндæгтыл фæцыд-
тæн, уым мемæ Чи уыди, уыцы Хуыцауæн».
4Йаковмæ радтой, æцæгæлон хуыцауæй сæм
цыдæриддæр уыди, уыдон, стæй сæ хъус-
цæг-амулеттæ, æмæ сæ Йаков баныгæдта
Шехеммæ æввахс тулдз бæласы бын. 5Уæд
уырдыгæй араст сты. Сæ алфамбылай сахар-
ты цæрджытыл Хуыцау бафтыдта стыр тас,
æмæ Йаковы фыртты фæсте нал асырдтой.
6Йаков йæ адæмимæ бахæццæ ис ханаанаг
сахар Лузмæ, ома Вефилмæ, 7æмæ уым са-
рæзта нывондхæссæн. Уыцы бынат схуыдта
Ел-Бет-Ел, уымæн æмæ, йе ’фсымæрæй куы
алыгъди, уæд æм уыцы ран Хуыцау æргом
рацыди.
8Амарди Ревеккæйы дыджызæ Деворæ,
æмæ йæ баныгæдтой Вефилмæ хæстæг, тул-
дзы бын. Уыцы бæлас схуыдтой Аллон-Бахут.
9Йаков Паддан-Арамæй куы æрбаздæхти,
уый фæстæ та йæм Хуыцау ногæй æргом ра-
цыд æмæ йын раарфæ кодта. 10Загъта йын:
«Дæ ном Йаков у, фæлæ нырæй фæстæмæ
Йаков нæ — Израил уыдзæни дæ ном!» Афтæ-
мæй йыл сæвæрдта ном Израил. 11Хуыцау ма
йын ноджыдæр загъта: «Æз дæн Æппæтхъо-
мыс Хуыцау. Цот уадз, æмæ сбирæ уæнт дæ
байзæддæгтæ! Рантысдзæни дæ адæм, бирæ
адæмтæ æмæ паддзæхтæ дæ рантысдзæн.
12Авраам æмæ Исаакæн зæрдæ цы зæххæй
бавæрдтон, уый ратдзынæн дæуæн æмæ дæ
байзæддæгтæн».
13-14Хуыцау Йаковы ныууагъта, йемæ кæм
дзырдта, уыцы ран. Йаков уыцы ран дурцæ-
джындз сæвæрдта, сæн æмæ йыл оливæйы
сой рауагъта. 15Хуыцау йемæ кæм дзырдта,
уыцы бынатæн Йаков радта ном Вефил.
16Вефилæй сæ фæндаг адардтой, æмæ, Еф-
рафæмæ нæма бахæццæ сты, афтæ Рахелæн
æрцыди йæ арыны афон. Тынг фæрыстис йе
’вгъæды сахат. 17Йæ рыстæн куынæуал фæ-
рæзта, уæд ын æвгъæдгæс афтæ: «Ма тæрс,
ай дæр дын лæппу у». 18Фæлæ Рахел мæлыны
къахыл ныллæууыд æмæ, йæ уд исгæйæ, йæ
лæппуйыл сæвæрдта ном Бен-Они; йæ фыд
та йæ схуыдта Бениамин.
19Афтæ амарди Рахел, æмæ йæ бавæрдтой
Ефрафæмæ (ома Вифлееммæ) фæндагыл.
20Йаков ын йæ ингæны сæрмæ зæрдылда-
рынæн дур сæвæрдта, æмæ ма уыцы дур
абон дæр лæууы Рахелы ингæныл.
21Израил уырдыгæй араст ис æмæ йæ ца-
тыр айтыгъта Мигдал-Едеры фале. 22Израил
уыцы зæххыл куы царди, уæд иуахæмы

**35:7** Ома «Вефилы Хуыцау». **35:8** Ома хъарæджы тулдз.
**35:18** Ома «масты фырт». **35:18** Ома «амондджын саби».

Рувим бацыд йæ фыды номылус Билхамæ
æмæ йемæ æрæмуат ис. Израилмæ уыцы
хабар æрыхъуыст æмæ йын фæхъыг ис.
Йаковæн уыди дыууадæс фырты. 23Леайы
лæппутæ: Рувим, Йаковы зæнæджы хистæр,
дарддæр — Симеон, Левий, Иудæ, Иссахар
æмæ Зевулон. 24Рахелы лæпputæ: Йосеф
æмæ Бениамин. 25Рахелы унæут Билхайы
лæппутæ: Дан æмæ Неффалим. 26Леайы
унæут Зилпайы лæппутæ: Гад æмæ Асир.
Адон — Йаковы фырттæ, райгуырдысты
йын Паддан-Арамы.
27Йаков æрцыди йæ фыд Исаакмæ Мамре-
мæ. Уый ис Кирйат-Арбамæ (ома Хевронмæ)
хæстæг. Авраам æмæ Исаак кæддæр уым
æрцардысты. 28Исаак фæцарди сæдæ æстай
азы. 29Йæ цардæй ахицæн ис хæрз зæрондæй,
цардæфсæстæй. Амард æмæ йæ фыдæлты
размæ бацыди. Бавæрдтой йæ Исав æмæ
Йаков, йæ фырттæ.

**36** Мæнæ Исавы (ома Едомы) байзæддæгтæ.
2Исав æрхаста ханаанаг устытæ: хеттаг
Елоны чызг Адайы æмæ Охоливамайы —
хивваг Цивоны фырт Анайы чызджы, 3но-
джы ма — Измаелы чызг Басематы, Невайоты
хойы. 4Ада Исавæн ныййардта Елифазы,
Басемат — Реуелы, 5Охоливама — Йеушы,
Йаламы æмæ Корахы.
Адон — Исавы фырттæ. Райгуырдысты
йын Ханааны зæххыл.
6Исав сыстад æмæ йе 'фсымæр Йаковы
цурæй æндæр бæстæм фæцыд æд устытæ,
æд цот, æд хæдзаронтæ, æд фосы дзугтæ
æмæ, Ханааны зæххыл цыдæриддæр бынтæ
скодта, æппæт уыдонимæ. 7Афтæ сбирæ ис
сæ мулк дыууæ æфсымæрæн, æмæ сын иу-
мæ цæрынæн фадат нал уыди. Цы зæххыл
цардысты, уый нал фаг кодта сæ бирæ фосы
дзугтæн. 8Уымæ гæсгæ Исав (ома Едом) æр-
царди Сеиры хæхбæсты.
9Мæнæ едомæгты фыдæл Исавы байзæд-
дæгтæ, Сеиры хæхбæсты чи царди, уыдон.
10Исавæн йæ фырттæ: Елифаз æмæ Реуел.
Елифаз райгуырд Адайæ, Реуел — Басematæй.
11Елифазæн уыди фырттæ: Теман, Омар,
Цефо, Гатам, Кеназ. 12Тимна уыд Исавы фырт
Елифазы номылус. Елифазæн ныййардта
Амалекы. Уыдон — Исавæн йæ ус Адайæ
цы зæнæг рацыд, уыдоны зæнæг. 13Реуелы
фырттæ: Нахат, Зерах, Шамма, Мизза. Адон
сты Исавы ус Басематы зæнæджы зæнæг.
14Исавы фырттæ, Цивоны фырт Анайы
чызг Охоливама йын кæй ныййардта, уыдон:
Йеуш, Йалам æмæ Корах.
15Мæнæ Исавы байзæддæгты мыггæгтæ.
Исавы хистæр фырт Елифазы байзæддæг-
тæ: Теман, Омар, Цефо, Кеназ, 16Корах, Гатам,
Амалек. Адон сты Едомы зæххыл цæрæг
мыггæгты хистæртæ, Елифазы артæй чи
рацыди, уыдон — Адайы зæнæджы зæнæг.
17Исавы фырт Реуелы байзæддæгтæ: На-
хат, Зерах, Шамма, Мизза. Адон сты Едомы
зæххыл цæрæг мыггæгтæ, Регуелы артæй
чи рацыди, уыдон — Исавы ус Басематы
зæнæджы зæнæг.
18Исавы байзæддæгтæ, Охоливамайæ йын
чи рантысти, уыдон: Йеуш, Йалам, Корах —
Исавæн йæ ус Охоливамайæ, Анайы чызгæй,
чи рацыди, уыцы мыггæгты хистæртæ.
19Адон сты Исавы (ома Едомы) байзæд-
дæгтæ, стæй сæ мыггæгтæ.
20Хораг Сеиры фырттæ, уыцы зæххыл раз-
дæр чи царди, уыдон: Лотан, Шовал, Цивон,
Ана, 21Дишон, Ецер, Дишан. Уыдонæй ра-
цыдысты, Едомы зæххыл раздæр чи царди,
уыцы хорæгты мыггæгтæ — Сеиры байзæд-
дæгтæ. 22Лотаны фырттæ: Хори æмæ Хемам;
Лотаны хо: Тимна. 23Шовалы фырттæ: Алван,
Манахат, Эвал, Шефо, Онам. 24Цивоны фырт-
тæ: Айа æмæ Ана. Æдзæрæг быдыры, йæ фыд
Цивоны хæрджытæ хизгæйæ, тæвд суадæттæ
ацы Ана ссардта. 25Анайы цот: Дишон æмæ
Охоливама, Анайы чызг. 26Дишоны фырт-
тæ: Хемдан, Ешбан, Итран, Керан. 27Ецеры
фырттæ: Билхан, Зааван, Акан. 28Дишаны
фырттæ: Уц æмæ Аран.
29Хорæгты мыггæгты хистæртæ: Лотан,
Шовал, Цивон, Ана, 30Дишон, Ецер, Дишан.
Уыдонæй равзæрдысты хорæгты мыггæгтæ
Сеиры зæххыл.
31Мæнæ, Израилæн паддзах куы нæма уы-
ди, уыцы заман Едомы бæстæйы паддзæхтæ.
32Едомы паддзахиуæг кодта Беоры фырт
Бела, йæ сахары ном — Динхава. 33Белайы
амæлæты фæстæ паддзах сси Зерахы фырт
Йовав, боцрайаг. 34Йововы амæлæты фæс-
тæ паддзах сси теманаг Хушам. 35Хушамы
амæлæты фæстæ паддзах сси Бедады фырт
Хадад, Моавы быдыры мидианæгты уый
басаста. Йæ сахары ном — Авит. 36Хадады
амæлæты фæстæ паддзах сси Самла, масре-
кайаг. 37Самлайы амæлæты фæстæ паддзах
сси Саул, Евфраты былгæрон сахар Рехово-
тæй. 38Саулы амæлæты фæстæ паддзах сси
Ахборы фырт Баал-Ханан. 39Ахборы фырт
Баал-Хананы амæлæты фæстæ паддзах сси
Хадар, йæ сахары ном — Пагу. Йæ ус уыди
Матреды чызг Мехетавел. Матред йæхæдæг
та уыди Ме-Захавы чызг.

40Мæнæ, Исавы артæй цы мыггæгтæ рацы-
ди, уыдон, алчидæр сæ — æд бинонтæ, æд
цæрæнбынæттæ: Тимнайы мыггаг, Алвайы
мыггаг, Йететы мыггаг, 41Охоливамайы мыг-
гаг, Елайы мыггаг, Пиноны мыггаг, 42Кеназы
мыггаг, Теманы мыггаг, Мивцары мыггаг,
43Магдиелы мыггаг, Ирамы мыггаг.
Уыдон сты Едомы мыггæгтæ — алкæмæн-
дæр сæ уыди йæхи цæрæнбынат сæ исбоны
зæххыл. Едомæгтæн сæ фыдæл — Исав.

**37** 1-2Мæнæ Йаков æмæ йæ байзæддаджы
царды хабæрттæ. Йаков æрбынат кодта
Ханааны зæххыл — кæддæр йæ фыд кæм
æрцарди, уым.
Йосефыл цыдис æвддæс азы. Йе 'фсымæр-
тимæ хызта лыстæг фос — æххуыс кодта йæ
фыды устытæ Билха æмæ Зилпайы лæппу-
тæн æмæ-иу сыл йæ фыдмæ æвзаг хаста.
3Йосеф Израилæн йæ зæры бонты райгуырд,
æмæ йæ, иннæ фырттæй уæлдай, хъулон
уарзт кодта. Уымæ гæсгæ йын балæвар код-
та даргъ нывæфтыд хæдон. 4Æфсымæртæ
уыдтой, сæ фыд йæ цотæй уымæй фылдæр
кæй никæй уарзы, уый, æмæ сын Йосеф
æнæуынон фестади, рæстмæ йæм дзургæ
дæр нал кодтой.
5Иуахæмы Йосеф федта фын æмæ йæ
радзырдта йе 'фсымæртæн. 6Загъта сын:
«Æрбайхъусут-ма, цы фын федтон, уымæ!
7Цыма хуымы астæу бастам куыристæ, æмæ
мæ куырис уырдыг слæууыди, сымах куы-
ристæ та йæ алыварс æрлæууыдысты æмæ
йын æркуывтой». 8Йе 'фсымæртæ йын афтæ
зæгъынц: «Ау, ды нын паддзах уыдзынæ?
Дæ дæлбар уыдзыстæм мах?» Æмæ сын йæ
фынтæ æмæ йæ ныхæсты тыххæй ноджы
тынгдæр сæнæуынон ис.
9Йосеф ма федта иу фын æмæ та уый дæр
йе 'фсымæртæн радзырдта: «Федтон ма но-
джы иу фын: цыма мын æркуывтой хур, мæй
æмæ иуæндæс стъалыйы». 10Йосеф уыцы
фын радзырдта йæ фыд æмæ йе 'фсымæр-
тæн. Йæ фыд ын бауайдзæф кодта: «Уый
дын цавæр фын у? Ау, æз æмæ дæм дæ мад,
де 'фсымæртæ зæххы онг æркувынмæ æцæг
бацæудзыстæм?» 11Æфсымæртæн сæ маст
рафыхт Йосефмæ, фæлæ фыд ацы хабæрттæ
йæ зæрдыл бадардта.
12Иуахæмы Йосефы æфсымæртæ сæ фыды
фос хизынмæ ацыдысты Шехемы быдыртæм.
13Израил Йосефæн загъта: «Зоныс æй, де
'фсымæртæ Шехемы быдырты фос хизынц,
уый, æмæ дæ, зæгъын, уыдонмæ арвитон».
Уый дзуапп радта: «Æз цæттæ дæн». 14Израил
ын загъта: «Цу уæдæ æмæ фен де 'фсымæрты
дæр, фосы дæр æмæ мын сæ бæрæг æрба-
хæсс». Æмæ йæ фырты арвыста Хевроны
дæлвæзæй Шехеммæ.
Йосеф бахæццæ ис Шехеммæ, 15æмæ, фæс-
сахар йе 'фсымæрты агурæг куыд фæцæй-
цыд, афтæмæй йыл иу чидæр амбæлд æмæ
йæ бафарста: «Цы агурыс?» 16Йосеф дзуапп
радта: «Ме 'фсымæрты агурын. Зæгъ-ма
мын, дæ хорзæхæй, сæ фос цы ран хизынц?»
17Уыцы лæг ын афтæ: «Ардыгæй ацыдысты.
Сæ ныхас сын куыд фехъуыстон, афтæмæй —
Дотанмæ». Йосеф йе 'фсымæрты фæдыл
араст ис æмæ сæ ссардта Дотаны.
18Уыдон æй дардмæ суыдтой æмæ сæм
цалынмæ хæццæ кодта, уæдмæ йæ марын-
вæнд скодтой. 19Кæрæдзийæн дзырдтой:
«Уартæ æрбацæуы нæ фынтæуынæг. 20Цæй
æмæ йæ амарæм æмæ йæ донуæттæй иуы
ныппарæм. Стæй зæгъдзыстæм, тугдзых
сырд æй бахордта, зæгъгæ. Гъеуæд фендзыс-
тæм, йæ фынтæ цæмæ рацыдысты, уый».
21Фæлæ Рувим уый куы фехъуыста, уæд æм
нæ бауагъта къух сисын. Загъта сын: «Нæ
йæ хъæуы марын». 22Ноджы ма сын загъта:
«Туг ныккалынæй уæхи бахизут. Фæлтау
æй, уартæ æдзæрæг ран цы донуат ис, уым
ныппарут». Ныр æцæгæй та Рувим йæ зæр-
дæ дардта, æфсымæртæй йæ кæй фервæзын
кæндзæн æмæ йæ уыдоны сусæгæй сæ фыд-
мæ кæй арвитдзæн, ууыл.
23Йосеф куыддæр йе 'фсымæртæм æрба-
хæццæ ис, афтæ йын йæ аив пæлæз йæ уæ-
лæйæ феппæрстой, 24йæхи та йын донуаты
нысхуыстой. Донуат афтид уыди — бахуыскъ
ис. 25Æфсымæртæ къæбæр хæрынмæ куыд
æрбадтысты, афтæ кæсынц, æмæ Галаады
'рдыгæй æрбацæуы измаелонты чырæ — сæ
теуатыл Мысырмæ ластой хæрздæфгæнæн
чъиу неход, æвдадз æмæ буд. 26Иудæ йе 'фсы-
мæртæн загъта: «Не 'фсымæры куы амарæм
æмæ йын йæ мард куы басусæг кæнæм, уæд
нын уымæй цы бафтдзæни? 27Нæ къух æм си-
сыны бæсты йæ фæлтау измаелæгтæн ауæй
кæнæм. Уæддæр не 'фсымæр у, нæ туг, не
стæг». Æфсымæртæ сразы сты ууыл, 28æмæ
сæм мидианаг сæудæджертæ куы æрбаввахс
сты, уæд Йосефы донуатæй систой æмæ йæ
æвзисты ссæдз шекелыл измаелæгтæн ауæй
кодтой, уыдон та йæ аластой Мысырмæ.
29Рувим донуатмæ æрбаздæхти, кæсы,
æмæ Йосеф уым нал. Уæд йæ дарæс арæ-
дывта фæйнæрдæм, 30йе 'фсымæртæм ба-
цыд æмæ сын афтæ: «Лæппу уым куынæуал
ис, уæд цы кæнон? Цы ма фæуон?» 31Уæд

æфсымæртæ аргæвстой цæу, Йосефы аив пæ-
лæз райстой æмæ йæ тугæй самæстой. 32Уый
фæстæ уыцы пæлæз сæ фыдмæ ахастой æмæ
загътой: «Мæнæ цы ссардтам! Фен-ма, дæ
фырты пæлæз ма уæд». 33Йаков æй базыдта
æмæ ныккæрзыдта: «Ай мæ фырты пæлæз
куы у! Тугдзых сырд бахордта Йосефы! Ар-
гæвста йæ!» 34Йаков йæ дарæс фæйнæрдæм
арæдывта, йæ астæуыл сæхъис æрбатыхта
æмæ бирæ бонты фæкуыдта йæ фыртыл.
35Йæ фырттæ æмæ йæ чызджытæ иууылдæр
æрбалæууыдысты йæ фарсмæ, йæ зæрдæ
йын фæфидар кæнынмæ, фæлæ йæм ныф-
сæвæрæнтæ нæ хъардтой. Загъта: «Хъыг-
гæнгæ ныххиздзынæн мæрдтыбæстæм мæ
фыртмæ». Афтæ йыл хъарæг кодта йæ фыд.
36Ныр мидианæгтæ та Йосефы аластой
Мысырмæ æмæ йæ ауæй кодтой Потифарæн.
Уый уыди фараоны барджын, йæ хъахъхъæн-
джыты хицау.

**38** Уыцы рæстæг Иудæ йе 'фсымæртæй
байуæрста, ацыд æмæ æрцард адулламаг
Хирайы цур. 2Уым йæ зæрдæмæ фæцыди
ханаанаг Шуайы чызг, æмæ йæ ракуырдта.
Йемæ æрæмуат ис. 3Уый банхъæлцау ис æмæ
лæппу ныййардта. Иудæ йыл сæвæрдта ном
Ер. 4Шуайы чызг та ногæй банхъæлцау ис,
лæппу ныййардта æмæ йыл сæвæрдта ном
Онан. 5Уый фæстæ ма ныййардта иу лæппу
æмæ ууыл та сæвæрдта ном Шела. Уыцы
рæстæг Иудæ уыди Кезивы.
6Иудæ йæ хистæр фырт Ерæн æрхаста ус,
йæ ном — Тамар. 7Фæлæ Ер, Иудæйæн йæ
зæнæджы хистæр, Дунедарæджы цæсты
фыдлæг уыд, æмæ йын Дунедарæг йæ цард
аскъуыдта. 8Уæд Иудæ Онанæн загъта: «Баив
де 'фсымæры — йæ идæдзимæ йын бацæр
æмæ цот скæн де 'фсымæрæн». 9Онан зыдта,
цот йæхионтыл нымад нæ уыдзысты, уый
æмæ-иу йе 'фсымæры усимæ æмуат куы æр-
цыди, уæд-иу йæ мыг зæхмæ ауагъта, цæмæй
йе 'фсымæрæн цот ма скæна. 10Онан цы ми
кодта, уый Дунедарæджы цæсты фыдми
уыд, æмæ Дунедарæг уымæн дæр йæ цард
айста. 11Уæд Иудæ йæ чындз Тамарæн бафæ-
дзæхста: «Цалынмæ мæ фырт Шела байрæ-
за, уæдмæ уал идæдзæй ацæр дæ цæгаты».
Йæхинымæр та загъта: «Кæннод мын йе
'фсымæртау ай дæр куы амæла». Уыйадыл
Тамар йæ цæгатмæ аздæхтис.
12Уæдæй рацыди дзæвгар рæстæг. Амард
Иудæйы ус, Шуайы чызг. Иудæйæн йæ сауда-
рæн бонтæ куы фесты, уæд йæ адулламаг хæ-
лар Хираимæ йæ фысæлвынджытæм ссыди
Тимнамæ. 13Тамармæ фæхабар чындæуыди,
дæ хицау Тимнамæ йæ фос æлвынынмæ
ссæуы, зæгъгæ, 14æмæ сылгоймаг йæ идæ-
дзы дарæс раласта, йæхиуыл æмбæрзæн
æркодта æмæ афтæмæй Тимнамæ фæндагыл
Енаимы кулдуары цур сбадти. Уымæн æмæ
федта: Шела байрæзти, фæлæ йын Тамары
нæ ракуырдтой. 15Иудæ йæ куы федта, уæд
æй рог сыл фæхуыдта, уымæн æмæ йæ цæс-
гом æмбæрзт уыди. 16Фæндаджы былмæ
йæм баздæхт æмæ йын загъта: «Цæй æмæ
демæ æмуат æрцæуон». Йæ чындз у, уый нæ
базыдта. Тамар æй бафарста: «Цы мын рат-
дзынæ, мемæ куы æрæмуат уай, уæд?» 17Иу-
дæ йын дзуапп радта: «Мæ дзугæй дын иу
сæнықк æрбарвитдзынæн». Тамар ын афтæ:
«Цъынды мын исты ныууадз, цалынмæ йæ
æрбарвитай, уæдмæ». 18Иудæ йæ бафарста:
«Цы дын ныууадзон?» Загъта йын: «Дæ мы-
хуырæвæрæн æд бос æмæ дæ къухы уыцы
лæдзæг». Радта йын сæ æмæ йемæ æмуат
æрцыд. Тамар банхъæлцау ис. 19Иудæйæ
куы фæхицæн ис, уæд йе 'мбæрзæн систа
æмæ та скодта йæ идæдзы дарæс.
20Уыцы сылгоймагæй цъынды фæстæмæ
райсыны тыххæй йын Иудæ йæ адулламаг
хæларимæ арвыста сæныкк, фæлæ йæ уый
не ссардта. 21Уырдыгон адæмы дæр бафарс-
та, ам, фæндаггæрон, цы хæтаг сылгоймаг
бадти, уый цы фæци, зæгъгæ, æмæ йын
енаимæгтæ дзуапп радтой, ам, дам, хæтаг
сылгоймаг нæ уыди. 22Уæд Иудæмæ æрбаз-
дæхт æмæ йын загъта: «Нæ йæ ссардтон.
Уырдыгон адæм дæр мын загътой, уыцы
ран, дам, хæтаг сылгоймаг нæ уыд». 23Иу-
дæ загъта: «Йæхицæн уадзæд уæдæ уыцы
дзауматæ, кæннод фæхудинаг уыдзыстæм.
Æз ын сæныкк арвыстон, фæлæ йæ ды не
ссардтай. Гъемæ фæуæд афтæ!»
24Уымæй иу-æртæ мæйы фæстæдæр Иудæ-
мæ чидæр фæхабар кодта: «Дæ чындз Тамар
хъахбай сыл разынди, суанг ма сывæрджын
дæр баци». Иудæ бафæдзæхста: «Ракæнут
æй æмæ йæ арты басудзут». 25Фæлæ Тамары
куы ракодтой, уæд йæ хицаумæ барвыста:
«Зæгъут ын, ацы дзауматæ кæй сты, уымæй
дæн æнхъæлцау». Бафæрсын æй кодта: «Æр-
кæс-ма, ацы мыхуырæвæрæн æд бос æмæ
ацы лæдзæг кæй сты?» 26Иудæ сæ базыдта
æмæ загъта: «Тамар раст у. Рæдигæ чи фæ-
кодта, уый — мæхæдæг, уымæн æмæ йæ
мæ фырт Шелайæн нæ радтон». Æмæ йемæ
æмуат никуыуал æрцыди.
27Тамар æвгъæды куы уыди, уæд рабæ-
рæг ис, фаззæттæ йæм кæй ис, уый. 28Æмæ

арынил куы ныллæууыди, уæд сæ иуæн йæ
къух разынд. Æвгъæдгæс сылгоймаг æм фев-
нæлдта, сырх-сырхид æндах ыл абаста æмæ
загъта: «Ай фыццаг рацыди». 29Фæлæ уый йæ
къух фæстæмæ баласта, æмæ фыццаг рацы-
дис йе 'фсымæр. Æвгъæдгæс загъта: «Уæдæ
афтæ гæрдыс фæндаг дæхицæн?» Æмæ йæ
схуыдтой Парец. 30Йæ фæдыл рацыдис йе
'фсымæр, йæ къухыл сырх-сырхид æндах,
афтæмæй. Ном ын радтой Зарах.

**39** Йосефы акодтой Мысырмæ. Уым æй
измаелæгтæй иу мысыраг балхæдта, йæ
ном Потифар. Потифар уыди фараоны бар-
джын, йæ хъахъхъæнджыты хицау. 2Дуне-
дарæг аудыдта Йосефыл, æмæ Йосеф алы
хъуыддаджы дæр уыд æнтыстджын. Царди
йæ мысыраг хицауы хæдзары. 3Мысыраг
уыдта, Дунедарæг Йосефыл кæй ауды, алы
хъуыддаджы дæр æнтыстджын кæй у, уый.
4-5Йосеф фæцыди йæ зæрдæмæ æмæ сси
йæ сæрмагонд лæггадгæнæг. Йæ хæдзар
æмæ йæ исбон Потифар æгасæйдæр бакод-
та Йосефы æвджид, æмæ уæдæй фæстæмæ
Дунедарæг, Йосефы сæр нымайгæйæ, Йæ
хорзæхæй схайджын кодта мысыраджы
хæдзар. Раарфæ йын кодта æмæ йын сби-
рæ кодта йæ мулк æмæ йæ хуымты бæркад.
6Гъемæ Потифар дæр Йосефыл йæ ис, йæ
бон иууылдæр бафæдзæхста, æмæ йæ нып
бахæрынæй дарддæр ницыуал мæт уыдис.
Йосеф уындæй æмæ кондæй рæсугъд уыди.
7Цасдæр рæстæджы фæстæ йыл Потифары
ус йæ цæст æрæвæрдта æмæ йын загъта:
«Бауарз-ма мæ!» 8Фæлæ уый не сразы: «Ме
'лдары мæн руаджы ницæйуал мæт ис йæ
хæдзары. Йе 'ппæт исбон дæр бакодта мæ
быгъдуан, 9ацы хæдзары мæ скодта йе 'мсæр.
Тобæ мын ницæмæй загъта — дæуæй фæстæ-
мæ: ды йæ ус дæ. Куыд хъуамæ бакæнон ныр
ахæм ми, куыд хъуамæ бацæуон тæригъæды
Хуыцауы раз?» 10Сылгоймаг æрвылбон уæгъд
нæ уагъта Йосефы, фæлæ йын уый ком нæ
лæвæрдта — йе 'мгæрон нæ цыд.
11Иуахæмы Йосеф йæ куысты фæдыл хæ-
дзармæ куы бахызти (ныр хæдзаронтæй
та мидæгæй ничи уыди), 12уæд ын ус йæ
дарæсмæ фæлæбурдта æмæ та загъта: «Æр-
хуысс мемæ!» Фæлæ уый йæ дарæс усы къухы
фæуагъта æмæ феддæдуар ис. 13Йосефы да-
рæс йæ къухы куы аззади, 14уæд сылгоймаг
хæдзаронтæм фæфæдис кодта: «Кæсут-ма,
мæ мой нæм ацы дзуттаджы махæй фæхъа-
зынмæ æрбакодта. Йæ зæрды мын тыхми
бакæнын уыди! 15Фæлæ, куы ныцъцъæхахст
кодтон, уæд йæ дарæс мæ цуры фæуагъта
æмæ феддæдуар ис».
16Ус йæ мойы æрбацыдмæ йæхимæ ныу-
уагъта Йосефы дарæс, 17стæй уыцы ныхæстæ
рафæзмыдта йæ мойæн дæр: «Цы дзуттаг
цагъары æрбакодтай нæ хæдзармæ, уый мыл
тыхæй æрхæцынмæ хъавыди, 18фæлæ, куы
ныцъцъæхахст кодтон, уæд йæ дарæс мæ
цуры фæуагъта æмæ фæлидзæг ис». 19По-
тифар йæ усы ныхæстæ куы фехъуыста, дæ
цагъар мын афтæ бакодта, зæгъгæ, уæд йæ
маст рафыхт. 20Йосефы æрцахсын кодта
æмæ йæ, паддзахы ахæстытæ кæм уыдысты,
уыцы ахæстоны бакодта.
Афтæмæй Йосеф бахаудта ахæстонмæ.
21Фæлæ Дунедарæг уыд Йосефимæ æмæ
йыл аудыдта. Ахæстоны хицауы зæрдæмæ
йæ фæцæуын кодта. 22Æмæ йын уый æппæт
ахæстыты дæр йæ бар бакодта. Цыдæрид-
дæр куыстой, уым сын Йосеф лæвæрдта
разамынд. 23Ахæстоны хицау йæхæдæг, Йо-
сефы бæрны цы уыди, уыдæттæй йæ цæст
ницæмæуал дардта, уымæн æмæ Дунедарæг
аудыдта Йосефыл, æмæ уый алы хъуыдда-
джы дæр уыд æнтыстджын.

**40** 1-2Цасдæр рæстæджы фæстæ Мысыры
паддзахы дыууæ барджыны — хистæр дзаг-
дар æмæ хистæр кæрдзынгæнæг — фæазым-
джын сты сæ хицауы, Мысыры паддзахы,
раз. Фараон смæсты ис сæ дыууæмæ дæр
3æмæ сæ сбадын кодта, хъахъхъæнджыты
хицауы хæдзары цы ахæстон уыди, раст
Йосеф кæм бадти, уым. 4Хъахъхъæнджыты
хицау сæ Йосефыл бафæдзæхста, æмæ сын
уый лæггад кодта.
Рæстæг цыдис, 5æмæ иуахæмы дыууæ
ахæсты, Мысыры паддзахы дзагдар æмæ
йæ кæрдзынгæнæг, уыцы иу æхсæв федтой
фынтæ — фæйнæ фыны. Алкæй фынæн дæр
сæ уыди йæхи сæрмагонд нысаниуæг. 6-7Рай-
сомæй Йосеф бацыди ахæстытæм, фараоны
барджынтæм, æмæ сæ уыцы тыхстхуызæй
куы баййæфта, уæд сæ афарста: «Абон цæй
тар сты уæ цæсгæмттæ?» 8Уыдон ын дзуапп
радтой: «Фынтæ федтам, æмæ нын сæ чи
райхала, уый нæй». Йосеф сын загъта: «Хуы-
цауы фæрцы сын ис райхалæн. Уæ хорзæхæй,
радзурут мын сæ».
9Хистæр дзагдар Йосефæн радзырдта:
«Фыны федтон, цыма мæ разы уыди сæ-
нæфсиры тала, 10æртæ къалиуы йыл. Та-
ла уайтагъд къуыбыр рафтыдта, дидинæг
ракалдта, цупæлттæ йыл фæзынд, æмæ
йæ гагатæ арæгъæд сты. 11Мæ къухы уыди,

фараон кæмæй фæнуазы, уыцы синон. Æз
ратыдтон сæнæфсиры гагатæ, синонмæ сæ
ærлæмæрстон æмæ йæ фараоны къухмæ
радтон». 12Йосеф ын загъта: «Мæнæ дæ фын.
Æртæ къалиуы сты æртæ боны. 13Æртæ боны
фæстæ дæ фараон бæрзонд сисдзæни: фæс-
тæмæ дæ сæвæрдзæни дæ бынаты, æмæ та
раздæрау уыдзынæ йæ дзагдар — фараон
йæ нуазæн дæ къухæй исдзæни. 14Гъемæ
дæ хъуыддаг хорз куы ацæуа, уæд-иу мæ ма
ферох кæн. Уыцы хорз мын-иу ракæн, зæгъ
мæн тыххæй фараонæн æмæ мæ ауадзын
кæн ардыгæй. 15Дзуттæгты зæххæй дæр
мæ давгæ ракодтой, æмæ ам дæр, ницæмæй
фæазымджын дæн, афтæмæй мæ хъоргъы
смидæг кодтой».
16Хистæр кæрдзынгæнæг федта, Йосеф
уыцы фын хорзæрдæм кæй райхæлдта, уый
æмæ йын загъта: «Æз дæр федтон иу фын.
Цыма мæ сæрыл — дзулы æртæ чыргъæды.
17Уæллаг чыргъæды — фараонæн конд алы-
хуызон дзултæ, мæргътæ сæ чыргъæдæй
хæрынц». 18Йосеф ын дзуапп радта: «Мæнæ
цæмæ цæуы дæ фын. Æртæ чыргъæды сты
æртæ боны. 19Æртæ боны фæстæ фараон
бæрзонд сисдзæни дæу дæр: бæласыл дæ
æрцауындздзæн, æмæ дæ мард мæргътæн
холыйаг фæуыдзæни».
20Æртыккаг бон уыди фараоны гуырæнбон,
æмæ куывд скодта йе 'ппæт дæлдæртæн. Йæ
дæлдæрты раз бæрзонд систа йæ хистæр
дзагдары æмæ йæ хистæр кæрдзынгæнæ-
джы: 21хистæр дзагдары сæвæрдта йæ раз-
дæры бынаты, цæмæй та фараоны къухмæ
дætта синон; 22хистæр кæрдзынгæнæджы та
æрцауыгъта. Хъуыддæгтæ рауадысты, Йосеф
сын сæ фынтæ куыддæриддæр райхæлдта,
афтæ. 23Фæлæ Йосеф хистæр дзагдары зæр-
дыл не 'рлæууыди. Ферох дзы ис.

**41** Рацыди дыууæ азы, æмæ иуахæмы
фараон федта фын. Цыма лæууыди Нилы
былгæрон, 2æмæ донæй рацыд авд хъуджы,
рæсугъд æмæ нард стуртæ, æмæ хызтысты
хъæзы 'хсæн. 3Уалынмæ Нилæй сæ фæдыл
рацыд æндæр авд хъуджы, фыдуынд æмæ
мæллæджытæ, æмæ доны былгæрон фыц-
цæгты цур æрлæууыдысты. 4Фыдуынд æмæ
мæллæг хъуццытæ бахордтой рæсугъд æмæ
нард хъуццыты. Уыйадыл фараон фехъал ис.
5Ногæй бафынæй æмæ та федта фын. Цыма
иу зæнгыл æрзади авд æфсиры — тыппыр-
нæмыг дзаг æфсиртæ. 6Фæлæ сæ хæдуæл-
вæд зæххæй скастис æндæр авд æфсиры,
скæсæйнаг дымгæ кæй басыгъта, ахæмтæ,
7æмæ аныхъуырдтой тыппырнæмыг дзаг
æфсирты. Фараон та райхъал ис æмæ бам-
бæрста, фын кæй федта, уый.
8Фараон катайы бацыд æмæ райсомæй
Мысыры дæснывфæрсджытæ æмæ куыры-
хонтæм се 'гасмæ дæр фæсидт æмæ сын йæ
фынтæ радзырдта. Фæлæ уыдонæй никæй
бон баци фараоны фынтæ райхалын. 9Уæд
хистæр дзагдар фараонæн загъта: «Мæ кæд-
дæры рæдыд ныр мæ зæрдыл æрлæууыд.
10Иу хатт фараон йæ цагъартæм смæсты
ис æмæ мæ йæ хистæр кæрдзынгæнæги-
мæ, хъахъхъæнджыты хицауы хæдзары цы
ахæстон уыдис, уым бакодта. 11Æмæ уыцы
иу æхсæв федтам фынтæ, æз дæр æмæ уый
дæр. Алкæй фынæн дæр нæ уыди сæрмагонд
нысаниуæг. 12Уым нын иу дзуттаг лæппу,
хъахъхъæнджыты хицауы цагъар, лæггад
кодта. Мах ын нæ фынтæ радзырдтам, æмæ
нын сæ райхæлдта, алкæмæн дæр нæ загъта,
йæ фын цы амоны, уый. 13Куыддæриддæр
нын сæ райхæлдта, афтæ рауади хъуыддаг:
æз фæстæмæ мæ бынаты æвæрд æрцыдтæн,
уый та æрцауыгътой».
14Фараон арвыста Йосефмæ, æмæ йæ æвæс-
тиатæй ахæстонæй ракодтой. Йосефæн йæ
сæр æмæ йæ цæсгомы хил куы ныддастой
æмæ йæ дарæс куы аивта, уæд фараонмæ
æрбацыди. 15Фараон Йосефæн загъта: «Иу
фын федтон, æмæ никæй бон у йæ райха-
лын. Дæу тыххæй та фехъуыстон, фын дын
куы радзурынц, уæд æй уайтагъд райхалыс,
зæгъгæ». 16Йосеф дзуапп радта фараонæн:
«Æз нæ — Хуыцау ратдзæни фараонæн фар-
ны дзуапп».
17Фараон Йосефæн радзырдта: «Мæ фыны
цыма лæууыдтæн Нилы былгæрон, 18æмæ
донæй рацыд авд хъуджы, нард æмæ рæ-
сугъд стуртæ, æмæ хызтысты хъæзы 'хсæн.
19Уалынмæ Нилæй сæ фæдыл рацыд æндæр
авд хъуджы — тынг фыдуынд æмæ мæллæг
стуртæ. Ахæм цауд хъуццытæ Мысыры зæх-
хыл никуыма федтон. 20Мæллæг æмæ цауд
хъуццытæ бахордтой, фыццаг чи рацыди,
уыцы авд нард хъуджы. 21Нард хъуццытæ
сæ хъуыры аирвæзтысты, фæлæ адоныл
уый зынгæ дæр нæ фæкодта — куыд тæн-
тæхауд уыдысты, афтæмæй баззадысты.
Стæй райхъал дæн. 22Ног та бафынæй дæн
æмæ мæ фыны федтон, цыма иу зæнгыл
æрзад авд æфсиры — тыппырнæмыг дзаг
æфсиртæ. 23Фæлæ сæ хæдуæлвæд зæххæй
скасти æндæр авд æфсиры, скæсæйнаг дым-
гæ кæй басыгъта, ахæмтæ, 24æмæ тыппыр-
нæмыг æфсирты аныхъуырдтой. Мæ фынтæ

дæсныфæрсджытæн радзырдтон, фæлæ мын сæ уыдонæй ничи райхæлдта».

25Йосеф фараонæн загъта: «Фараоны дыууæ фыны иу фын сты. Хуыцау фараонæн раргом кодта, цы бакæнинаг у, уый. 26Авд дзæбæх хъуджы амонынц авд азы, авд дзæбæх æфсиры дæр — авд азы. Афтæмæй фын иу у. 27Фыццæгты фæдыл цы авд мæллæг æмæ цауд хъуджы рацыди, уыдон та амонынц иннæ авд азы, хус дымгæмæ руад æфсиртæ дæр — афтæ. Адон сты авд стонг азы. 28Гъе уымæ гæсгæ загътон фараонæн, Хуыцау фараонæн равдыста, цы саразинаг у, уый, зæгъгæ. 29Ныридæгæн æппæт Мысыры зæххыл райдайдзысты бæркадджын авд азы. 30-31Фæлæ уыдоны фæдыл ралæудзысты авд стонг азы, æмæ Мысыры зæххы стыр бæркад ферох уыдзæнис адæмæй. Ахæм æвирхъау заман скæндзæн, æмæ зæхх бынтондæр сафтид уыдзæни, раздæры бæркадæн йæ кой, йæ хъæр дæр нал уыдзæни. 32Фараон уыцы иу фын дыууæ хатты кæй федта, уый та амоны, Хуыцауæн Йæ уынаффæ æнæивгæ кæй у æмæ йæ æвæстиатæй кæй сæххæст кæндзæни, уый.

33Гъемæ фараон бацагурæд куырыхон, æрхъуыдыджын лæджы æмæ йæ Мысыры сæргъы сæвæрæд. 34Ноджы ма равзарæд барджын лæгтæ, цæмæй йын бæркадджын авд азы дæргъы Мысыры адæмæй исой тыллæджы фæндзæм хай. 35Æрцæуинаг чи у, уыцы тыллæгджын азты æмбырд кæнæнт æппæт хор æмæ йыл æрмæст фараоны бар куыд цæуа, афтæ йæ хордæтты æфснайдæй дарæнт. 36Уыцы хорæй авд стонг азы дæргъы ирвæздзысты Мысыры адæм, сыдæй нæ амæлдзысты».

37Ацы фæнд фæцыди фараон æмæ йæ дæлдæрты зæрдæмæ, 38æмæ фараон йæ дæлдæртæн загъта: «Кæм ма ссардзыстæм æндæр ахæм адæймаджы, Хуыцауы Удæй хайджын чи уа?» 39Йосефæн дæр загъта: «Хуыцау дын адон иууыл кæм раргом кодта, уым дыккаг дæу хуызæн куырыхон лæг нæй! 40Нырæй фæстæмæ дæ быгъдуан кæнын мæ галуан, мæ адæм дæм иууылдæр хъусдзысты. Æз дæуæй уæлдæр уыдзынæн æрмæст мæ паддзахы номæй». 41Фараон Йосефæн загъта: «Æппæт Мысыры сæргъы дæ æвæрын». 42Йæ къухæй рафтыдта йæ мыхуырæвæрæн къухдарæн æмæ йæ Йосефы къухыл бакодта. Йæ уæлæ йын скодта гæнæлвыст дарæс, йæ хъуырыл ын æрцауыгъта сыгъзæрин рæхыс. 43Бафæдзæхста, цæмæй йæ ласой фараоны дыккаг уæрдоны æмæ йæ разæй, хъæргæнгæ, цæуой: «Æрзоныг кæнут!» Афтæмæй фараон Йосефы сæвæрдта æппæт Мысыры сæргъы. 44Фараон Йосефæн загъта: «Æз фараон дæн, фæлæ амæй фæстæмæ Мысыры зæххыл де ’вастæй йæ къух дæр ничиуал батилдзæни, къахдзæф дæр ничиуал акæндзæни». 45Фараон Йосефыл сæвæрдта ном Цафнат-Панеах. Усæн ын радта Аснаты, Оны сауджын Поти-Перы чызджы. Æмæ афтæмæй Йосеф сси æгас Мысыры хицау. 46Йосеф фараонæн, Мысыры паддзахæн, лæггад кæнын куы райдыдта, уæд ыл цыди дæс æмæ ссæдз азы.

Йосеф рацыди фараоны цурæй æмæ араст ис æппæт Мысыры зæххыл æрзилынмæ. 47Бæркадджын авд азы дæргъы зæхх лæвæрдта бирæ тыллæг. 48Уыцы азты Мысыры зæххыл цыдæриддæр хор æмбырд кодтой, уый Йосеф сахарты æфснайдта: алы сахары дæр — йæ алфамбылай зæххыты тыллæг. 49Æмæ Йосеф æрæмбырд кодта тынг бирæ хор, денджызы змисау ын банымайæн дæр нæ уыд.

50Стонг заманы размæ Оны сауджын Поти-Перы чызг Аснатæй Йосефæн райгуырди дыууæ фырты. 51Йæ хистæр фыртыл Йосеф сæвæрдта ном Менассиа, уымæн æмæ, дам, Хуыцауы фæрцы мæнæй ферох сты ме ’ппæт хъизæмæрттæ æмæ мæ фыды уæзæг. 52Йæ дыккаг фыртыл сæвæрдта ном Ефрем, уымæн æмæ, дам, мæ Хуыцау, удхар цы зæххыл бавзæрстон, уым зæнæгджын скодта.

53Мысыры зæххыл цы бæркадджын авд азы скодта, уыдон аивгъуыдтой, 54æмæ, Йосеф развæлгъау куыд дзырдта, афтæ райдыдтой авд стонг азы. Æппæт бæстæты дæр тыхстысты æххормагæй, фæлæ Мысыры та хор алы ран дæр уыди. 55Фæлæ уалынмæ Мысыры адæм дæр æххормаг æййафын байдыдтой æмæ хойраджы тыххæй фараонæн куы ныллæгъстæ кодтой, уæд сын уый загъта: «Йосефмæ бацæуут æмæ уын цы зæгъа, уый кæнут». 56Стонг заман зæххы цъар æмхуызонæй æрæлхъывта. Мысыры зæххыл дæр уавæр карзæй-карздæр кодта. Йосеф байгом кодта хордæттæ æмæ мысырæгтæн хор уæй кæнын райдыдта. 57Мысырмæ, Йосефмæ, хор æлхæнынмæ цыдысты алы бæстæй, уымæн æмæ æгас дунейы дæр стонг заман стыхджын ис.

**42** Йаков базыдта, Мысыры хор кæй ис, уый æмæ йæ фырттæн загъта: «Уæ кæрæдзимæ цы ракæс-бакæс кæнут? 2Мысыры хор ис, зæгъгæ, фехъуыстон, цæугæут уырдæм æмæ дзы балхæнут, цæмæй удæгасæй

баззайæм, науæд амæлдзыстæм». 3Æмæ
Йосефы дæс æфсымæры хор æлхæнынмæ
араст сты Мысырмæ. 4Æрмæст сын Йаков
Йосефы æфсымæр Бениамины, исты йыл
куы æрцæуа, зæгъгæ, семæ нæ рауагъта.
5Ханааны зæххыл стонг заман кæй скодта,
уымæ гæсгæ Мысырмæ афтыди бирæ хор-
æлхæнæг адæм, уыдонимæ Йаковы фырт-
тæ дæр. 6Ныр Мысыры зæххæн та йе 'лдар
Йосеф уыд, æмæ хор дæр уый уæй кодта
бæстæйы æппæт адæмæн. Йе 'фсымæртæ
йæм бацыдысты æмæ йæ разы ныддæлгом
сты зæххыл. 7Йосеф сæ куыддæр ауыдта,
афтæ сæ базыдта, фæлæ сын йæхи не схъæр
кодта. Тызмæгæй сæ бафарста: «Кæцæй æр-
бацыдыстут?» Дзуапп ын радтой: «Ханааны
зæххæй, хойраг балхæнынмæ». 8Афтæмæй
Йосеф базыдта йе 'фсымæрты, фæлæ йæ
уыдон нæ базыдтой. 9Йосефы зæрдыл æр-
лæууыди, кæддæр сæ йæ фынты куыд федта,
уый æмæ сын загъта: «Сымах сгарджытæ
стут. Нæ бацæуæнтæ нын басгарынмæ фæ-
зындыстут». 10Уыдон ын дзуапп радтой: «Нæ,
не 'лдар, дæ цагъартæ хойраг æлхæнын-
мæ æрбацыдысты. 11Мах не 'ппæт дæр — иу
лæджы фырттæ, æууæнкджын адæм стæм.
Дæ цагъартæ никуы уыдысты сгарджытæ».
12Фæлæ та сын уый афтæ: «Нæ, сымах нын
нæ бацæуæнтæ басгарынмæ фæзындыстут».
13Уыдон ын загътой: «Мах, дæ цагъартæ, дыу-
уадæс æфсымæрæй иу лæджы фырттæ стæм,
ханаанæгтæ. Кæстæр ныртæккæ нæ фыдимæ
ис, нæ иу æфсымæр та нал ис». 14Йосеф сын
ногæй: «Куыд æнхъæлдтон, хъуыддаг афтæ у:
сымах, бæлвырд, сгарджытæ стут. 15Фæлæ уæ
мах бафæлвардзыстæм. Фараонæй уын ард
хæрын, ардыгæй нæ аздæхдзыстут, цалын-
мæ уæ кæстæр æфсымæр æрцæуа, уæдмæ.
16Уæ иуы арвитут уе 'фсымæры æркæнынмæ,
иннæтæ та уæдмæ ахæстоны абадæнт. Афтæ-
мæй раргом уыдзæн, уæ ныхæстæ раст сты
æви нæ. Раст куынæ разыной, уæд, фараонæй
ард хæрын, сгарджытæ стут». 17Æмæ сæ æртæ
боны дæргъы ахæсты фæдардта.
18Æртыккаг бон сын Йосеф загъта: «Æз Ху-
ыцауæй тæрсын æмæ уын зæгъын, удæгасæй
баззайдзыстут, мæнæ афтæ куы бакæнат,
уæд. 19Кæд æууæнкджын адæм стут, уæд
уал уæ иу ам, ахæстоны, лæууæд, иннæтæ
хор аласæнт се 'ххормаг бинонтæн. 20Стæй
мæм æркæндзыстут уæ кæстæр æфсымæры.
Афтæ куы бакæнат, уæд сбæрæг уыдзæни уæ
рæстдзинад æмæ нæ амæлдзыстут».
Æфсымæртæ сразы сты. 21Сæ кæрæдзийæн
дзырдтой: «Бæгуыдæр, азымджын стæм не
'фсымæры раз. Йæ зæрдæйы тас ын уыд-
там, куы нын лæгъстæ кодта, уæд, фæлæ
йæм нæ байхъуыстам, æмæ ныр нæхæдæг
дæр бæллæхы бахаудыстæм». 22Рувим сын
афтæ: «Нæ уын дзырдтон, уыцы лæппуйы
тæригъæды ма бацæуут, зæгъгæ? Фæлæ нæ
байхъуыстат, æмæ нæ йæ туг истæуы ныр».
23Йосеф сæм хъусы, уый нæ зыдтой, уымæн
æмæ се 'хсæн тæлмацгæнæг уыд. 24Иуварс
рацыд Йосеф æмæ ныккуыдта. Фæстæмæ
сæм куы баздæхт æмæ та семæ ныхас кæ-
нын куы райдыдта, уæд Симеоны иннæтæй
фæхицæн кодта æмæ йæ сæ цуры сбæттын
кодта. 25Уый фæстæ Йосеф бафæдзæхста,
цæмæй сын сæ голджытæ хорæй байдзаг
кæной, алкæмæн дæр йе 'взист фæстæмæ
йæ голладжы нывæрой, фæндаггагæй дæр
сæ сифтонг кæной. Æмæ сын афтæ бакодтой.
26Æфсымæртæ сæ хор хæрджытыл сæ-
вæрдтой æмæ рараст сты уырдыгæй. 27Фæн-
дагыл æхсæвиуат кæм бакодтой, уым æфсы-
мæртæй иу, хæрæгæн холлаг раттон, зæгъгæ,
йæ голладжы ком райхæлдта, æмæ дзы йе
'взист куы ауынид. 28Йе 'фсымæртæм дзуры:
«Ме 'взист мæм фæстæмæ раздæхти. Мæнæ
ма — мæ голладжы ис». Æфсымæртæ хорзау
нал фесты æмæ, сæхимидæг баризгæйæ,
дзырдтой кæрæдзийæн: «Уый нын Хуыцау
цы кæны?»
29Æфсымæртæ схæццæ сты сæ фыд Йа-
ковмæ Ханааны зæхмæ æмæ сыл цыдæрид-
дæр æрцыди, уыдæттæ йын рафæзмыдтой:
30«Уыцы бæстæйы æлдар немæ ныхас кодта
тынг тызмæгæй, рахуыдта нæ сгарджытæ,
31фæлæ йын загътам: „Мах æууæнкджын
адæм стæм, сгарджытæ никуы уыдыстæм.
32Дыууадæс æфсымæрæй стæм иу фыды
фырттæ. Нæ иу æфсымæр нал ис, кæстæр
та нæ фыдимæ баззади Ханааны зæххыл".
33Уæд нын уыцы бæстæйы æлдар загъта:
„Æууæнкджын адæм стут, уый сбæрæг кæн-
дзынæн мæнæ афтæ. Уе 'фсымæртæй иуы ам
ныууадзут, уæхæдæг та райсут хор, аласут
æй æмæ уе 'ххормаг бинонты бафсадут. 34Уæ
кæстæр æфсымæры мæм æркæнут, æмæ мæ
уæд бауырндзæни, сгарджытæ нæ, фæлæ
æууæнкджын адæм кæй стут, уый. Уæд уын
суæгъд кæндзынæн уæ иннæ æфсымæры,
стæй уын а зæххыл уыдзæни сæудæджер
кæныны бар дæр"».
35Æфсымæртæ сæ голджытæ равдæлон кæ-
нынмæ куы бавнæлдтой, уæд алкæмæн дæр
йе 'взисты дзæкъул йæ голладжы куы разы-
нид. Уый фенгæйæ, старстысты — сæхæдæг
дæр æмæ сæ фыд дæр. 36Сæ фыд Йаков сын

загъта: «Мæ фырттæй мæ фенæхай кодтат.
Йосеф нал ис. Симеон нал ис. Бениамины
дæр акæнынмæ хъавут. Æппæт бæллæхтæ
дæр мæныл цæуынц!» 37Уæд Рувим йæ фы-
дæн загъта: «Мæ дыууæ фырты-иу мын амар,
Бениамины дæм фæстæмæ куы не 'рбакæ-
нон, уæд. Ме 'вджид æй бакæн, æмæ дыл æй
фæстæмæ сæмбæлын кæндзынæн». 38Йаков
загъта: «Мæ фырт уемæ нæ ацæудзæн! Йе
'фсымæр мард у, æмæ ма мын иунæг уый
баззад! Уæ балцы рæстæг ыл исты бæллæх
æрцыди, зæгъгæ, уæд æй мæ зæрдæ нæ бау-
ромдзæн, æмæ мын афтæмæй мæрдтыбæс-
тæм барвитдзыстут мæ урс сæр».

**43** Стонг заман ноджы фæкарздæр ис Ха-
нааны зæххыл. 2Æфсымæртæ Мысырæй цы
хор сластой, уый куы фæци, уæд та сын сæ
фыд загъта: «Ацæут æмæ ма иу чысыл бал-
хæнут хойраг». 3Иудæ йын загъта: «Уыцы
лæг нын цæхгæр бафæдзæхста, уе 'фсымæр
уемæ куынæ уа, уæд мæм уæхи ма равди-
сут, зæгъгæ. 4Не 'фсымæры нын немæ куы
рауадзай, уæд ацæудзыстæм æмæ дын бал-
хæндзыстæм хойраг, 5куынæ йæ рауадзай,
уæд та нæ ацæудзыстæм, уымæн æмæ нын
уыцы лæг загъта, уе 'фсымæр уемæ куынæ
уа, уæд мæм уæхи ма равдисут, зæгъгæ».
6Израил сын афтæ: «Ахæм хъизæмар мын
цæй тыххæй æвзарын кæнут? Цæмæн схъæр
кодтат уыцы лæгæн, æфсымæр ма уын ис,
уый?» 7Загътой йын: «Рафæрс-бафæрс нæ
фæкодта уыцы лæг, чи стæм, бинонтæ нын
цы ис, нæ фыд ма æгас у æви нæ, æфсымæр
ма нын ис æви нæ, æмæ йын йæ фæрстытæн
дзуапп лæвæрдтам мах дæр. Уе 'фсымæры
мæм æркæнут, зæгъгæ нæ бадомдзæни, уый
æнхъæл чи уыд?»

8Иудæ йæ фыд Израилæн загъта: «Мемæ
рауадз лæппуйы æмæ ацæуæм. Уæд удæга-
сæй баззайдзыстæм мах дæр, ды дæр æмæ
нæ сабитæ дæр. Науæд нын æнæ мæлгæ нæй.
9Ай тыххæй дзуапдæттæг æз уыдзынæн,
æмæ-иу æй мæнæй бацагур. Фæстæмæ дын
æй ам куы нæ 'рбалæууын кæнон, уæд цæ-
рæнбонты азымджын уыдзынæн дæ разы.
10Фæстиат куынæ кодтаиккам, уæд афонмæ
дыууæ хатты сыздæхтаиккам Мысырæй».
11Сæ фыд Израил сын загъта: «Гъемæ уæдæ
афтæ бакæнут. Ацы зæххы хуыздæр хæрз-
тæй райсут æмæ уыцы лæгæн лæварæн уæ
голджыты ахæссут æвдадз, мыд, хæрздæф-
гæнæн чъиу неход, буд æмæ æхсæртæ — фис-
ташкæтæ æмæ миндал. 12Æвзист дыууæ
хатты фылдæр райсут уемæ, уымæн æмæ
уын уæ голджыты цы æвзист нывæрдтой,
уый дæр фæстæмæ хæсгæ у. Чи зоны, æмæ
сын æнæбары афтæ рауади. 13Бениамины
дæр уемæ акæнут æмæ æвæстиатæй ацæут
уыцы лæгмæ. 14Æппæтхъомыс Хуыцау уæм
фæфæлмæн кæнæд уыцы лæджы зæрдæ,
цæмæй уын рауадза уæ иннæ æфсымæры
æмæ Бениамины дæр. Мæн та кæд хъысмæт
фенæхай кæнинаг у мæ цотæй, уæд мæ фе-
нæхай кæнæд!»

15Æфсымæртæ æрцæттæ кодтой хуынтæ,
райстой дыууæ хатты фылдæр æвзист æмæ
семæ акодтой Бениамины дæр. Мысырмæ
куы ныццыдысты, уæд Йосефы раз æрлæу-
уыдысты. 16Йосеф сын семæ Бениамины куы
федта, уæд, йæ хæдзар кæй бæрны уыди,
уыцы лæгæн бафæдзæхста: «Ацы адæмы
хæдзармæ акæн, стæй фосæй исты аргæвд
æмæ фынг ацæттæ кæн — сихорыл мемæ
иу фынгыл баддзысты». 17Уыйадыл сæ уый
Йосефы хæдзармæ акодта.

18Æфсымæрты тас бацыд, Йосефы хæдзар-
мæ сæ куы бакодтой, уæд: «Айразмæ нын нæ
голджыты фæстæмæ цы æвзист нывæрдæ-
уыди, уый тыххæй нæ æрбакодтой ардæм.
Ам нæ бауромдзысты æмæ нæ сæхицæн
цагъартæ скæндзысты, нæ хæрджыты дæр
нын байсдзысты». 19Къæсæры раз Йосефы
хæдзары уынаффæгæнæгмæ бахатыдыс-
ты: 20«Дæ хорзæхæй, не 'лдар, иу ныхасы
бар! Айразмæ дæр ма уыдыстæм ам хойраг
балхæнынмæ 21æмæ, фæстæмæ цæугæйæ,
æхсæвиуаты кæм æрæнцадыстæм, уым нæ
голджытæ куы байгом кодтам, уæд нæ алкæй
æвзист дæр — чи цы бафыста, уый — йæ гол-
laджы разынд. Æмæ уыцы æвзист фæстæмæ
æрхастам. 22Æрхастам ма æндæр æвзист дæр,
ногæй та хойраг балхæнынмæ. Айразмæ нын
не 'взист нæ голджыты чи нывæрдта, уымæн
ницы зонæм». 23Йосефы хæдзары уынаффæ-
гæнæг сын загъта: «Тыхсгæ ма кæнут æмæ ма
тæрсут! Айразмæ мæм уе 'взист фæхæццæ ис.
Уыцы хæзна та уын, æвæццæгæн, уæ Хуыцау,
уæ фыды Хуыцау, нывæрдта уæ голджыты».
Йосефы хæдзары уынаффæгæнæг сæм Симе-
оны ракодта 24æмæ се 'ппæты дæр Йосефы
хæдзармæ бахуыдта. Сæ къæхтæ цæхсынмæ
сын æрбахаста дон, стæй сын сæ хæрджытæн
радта холлаг. 25Æфсымæртæ сихорафонмæ,
Йосефы æрбацыдмæ, æрцæттæ кодтой сæ
хуынтæ, уымæн æмæ сын загъдæуыди, си-
хор уым кæй кæндзысты.

26Йосеф хæдзармæ куы 'рбацыди, уæд ын
бахастой сæ хуынтæ æмæ йæ разы зæххыл
ныддæлгом сты. 27Йосеф сын салам радта,

стæй сæ бафарста: «Куыд у уæ зæронд фыд,
айразмæ йæ кой кæмæн кодтат, уый? Æгас
ма у?» 28Уыдон ын дзуапп радтой: «Дзæбæх,
сæрæгас у дæ цагъар, нæ фыд». Æмæ та æр-
зоныг кодтой йæ разы. 29Йосеф сыл йæ цæст
ахаста æмæ йе 'фсымæр, йæ мады зæнæг
Бениамины куы ауыдта, уæд сæ бафарста:
«Уый, кæй кой мын кодтат, уæ уыцы кæстæр
æфсымæр у?» Æмæ йын загъта: «Хуыцауы
хорзæх дæ уæд, мæ хъæбул!» 30Йосефæн йе
'фсымæры уындæй йæ зæрдæ суынгæг, йæ
цæссыг ма тыххæй баурæдта. Рæбинаг уатмæ
бацыди æмæ уым фæкуыдта. 31Уый фæстæ
йæ цæсгом цæхсадта, рацыд æмæ хиуыл-
хæцгæйæ бафæдзæхста, фынг æрæвæрут,
зæгъгæ. 32Йосефæн фынг æрæвæрдтой хи-
цæнæй, æфсымæртæн дæр хицæнæй, йемæ
минасгæнæг мысырæгтæн дæр афтæ. Мы-
сырæгтæм дзуттæгтимæ иу фынгыл бадын
æлгъагыл нымад у. 33Æфсымæрты Йосефы
бакомкоммæ куыд хистæрæй кæй сбадын
кодтой, уый сæ дисы бафтыдта, æмæ кæрæ-
дзимæ фæрсæджы каст кодтой. 34Йосеф сæм
йæ фынгæй æрвыста хæйттæ, æмæ иннæты
хæйттæй Бениамины хай уыди фондз хатты
стырдæр. Æфсымæртæ дзæбæх фæминас
кодтой, фæнуæзтой Йосефимæ.

**44** Йосеф йæ хæдзары уынаффæгæнæгæн
бафæдзæхста: «Ацы адæмæн сæ голджыты
ныккæн, цас афæразой, уыйас хор æмæ сæ
алкæмæн дæр йе 'взист йæ голладжы нывæр.
2Кæстæрæн та-иу йæ голладжы нывæр, йæ
хоры аргъ æвзисты уæлæмхасæн, ме 'взист
синон дæр». Уый сæххæст кодта Йосефы
фæдзæхст.
3Куыддæр æрбабон ис, афтæ æфсымæрты
ауагътой æд хæрджытæ. 4Сахарæй нæма
адард сты, афтæ Йосеф бафæдзæхста йæ
хæдзары уынаффæгæнæгæн: «Рæвдз атындз
уыцы лæгты фæдыл æмæ сæ куы баййафай,
уæд-иу сын афтæ зæгъ: „Хорздзинад хæра-
мæй цæмæн фидут? Æвзист нуазæн цæмæн
радавтат? 5Уый ме 'лдары синон куы у! Ме
'лдар дæсны дæр уымæй фæфæрсы! Æнахъи-
нон ми бакодтат“». 6Уый сæ баййæфта æмæ
сын Йосефы ныхæстæ рафæзмыдта. 7Уыдон
ын загътой: «Цæмæн афтæ зæгъы не 'лдар?
Дæ цагъартæ ахæм ми бакæной, уымæн
уæвæн нæй. 8Нæ голджыты комы цы ссард-
там, суанг дæм уый дæр Ханааны зæххæй
фæстæмæ куы 'рбахастам, уæд не 'лдары
хæдзарæй куыд хъуамæ радавæм æвзист кæ-
нæ сыгъзæрин? 9Уыцы синон дæ цагъартæй
кæмæ разына, уый-иу амарут, иннæтæ та йæ
цагъартæ суæнт не 'лдарæн». 10Уый загъта:
«Фæуæд афтæ, синон кæмæ разына, æрмæст
мæм уый баззайдзæни цагъарæй, иннæтæ
æназым уыдзысты». 11Алчидæр сæ уайтагъд
йæ голлаг зæхмæ æриста æмæ йын йæ ком
райхæлдта. 12Йосефы хæдзары уынаффæ-
гæнæг сын куыд хистæрæй басгæрста сæ
голджытæ, æмæ синон Бениамины голладжы
разынди. 13Уæд æфсымæртæ фæйнæрдæм
арæдывтой сæ дарæстæ æмæ дзы алчи йæ
уаргъ фæстæмæ йæ хæрæгыл сæвæрдта, аф-
тæмæй æрбаздæхтысты сахармæ.
14Йосеф ма хæдзары уыд, Иудæ йæм йе
'фсымæртимæ куы бацыди, уæд. Йæ разы
ныддæлгом сты зæххыл. 15Йосеф сæ бафарс-
та: «Уый цы бакуыстат? Æви, мæ хуызæн
адæймагæй бамбæхсæн ницы ис, уый нæ
зыдтат?» 16Иудæ афтæ: «Цы у нæ бон зæ-
гъын ме 'лдарæн? Цы сдзурæм йæ ныхмæ?
Цæмæй сраст кæнæм нæхи? Хуыцау нын
раргом кодта нæ азым, æмæ дын нырæй
фæстæмæ, ме 'лдар, уыдзыстæм цагъартæ —
мах дæр æмæ, синон кæмæ разынди, уый
дæр». 17Фæлæ Йосеф загъта: «Нæ, æз афтæ
бакæнон, уымæн уæвæн нæй. Синон кæмæ
разынди, уый уыдзæни мæ цагъар, сымах
та фарнимæ аздæхут уæ фыдмæ».
18Уæд Иудæ Йосефмæ æввахс бацыд æмæ
йæм бахатыди: «Дæ хорзæхæй, ме 'лдар, дæ
цагъарæн ныхасы бар ратт. Фараоны æмсæр
дæ æмæ ма смæсты у дæ цагъармæ. 19Ай-
размæ ме 'лдар йæ цагъарты фарста, фыд,
æфсымæр ма нын ис æви нæ, уымæй. 20Мах
не 'лдарæн дзуапп радтам, зæгъгæ, ис нын
зæронд фыд, уымæн та ма — кæстæр фырт,
йæ зæры бонты йын райгуырди. Лæппуйæн
йе 'фсымæр мард у, æмæ ма мады зæнæгæй
иунæг уый баззади. Нæ фыд ыл æнувыд у.
21Ды дæ цагъартæн бафæдзæхстай, æркæ-
нут мæм æй æмæ йæ фенон, зæгъгæ, 22æмæ
мах не 'лдарæн загътам, зæгъгæ, лæппуйæн
йæ фыды ныууадзын йæ бон нæу, уымæн
æмæ йæ куы ныууадза, уæд йæ фыд амæл-
дзæни. 23Фæлæ ды дæ цагъартæн загътай:
уæ кæстæр æфсымæр уемæ куынæ 'рцæуа,
уæд мæм уæхи ма равдисут. 24Мах ссыдыс-
тæм дæ цагъармæ, нæ фыдмæ, æмæ йын, ме
'лдар, дæ ныхæстæ рафæзмыдтам. 25Æмæ та
нын фæстæдæр нæ фыд куы загъта, ацæут
æмæ ма иу чысыл балхæнут хойраг, зæгъгæ,
26уæд ын дзуапп радтам: „Нæй нын ацæуæн.
Ацæудзыстæм æрмæстдæр уæд, нæ кæстæр
æфсымæр немæ куы уа, — æнæ уымæй нæ
бон нæу уыцы лæгмæ нæхи равдисын“. 27Уæд
нын дæ цагъар, нæ фыд, загъта: „Сымах

зонут, мæ ус мын дыууæ фырты ныййардта, уый. 28Сæ иу мæ куы ныууагъта, уæд загътон, сырд æй аргæвста, бæлвырд. Æмæ йæ уæдæй фæстæмæ нал федтон. 29Æмæ ныр ай дæр мæ цурæй куы акæнат æмæ йыл исты куы ’рцæуа, уæд мæ зæрдæ аскъуыйдзæн æмæ мын мæ зæронд къуыдыр мæрдтæм барвитдзыстут“. 30Гъемæ ныр дæ цагъармæ, нæ фыдмæ, куы бацæуон, æмæ, афтæ æнувыд кæуыл у, йæ уыцы хъæбул немæ куынæ разына, 31уæд нæ фыд амæлдзæн. Йæ зæрдæ аскъуыйдзæн, æмæ афтæмæй дæ цагъартæ сæ зæронд фыды, дæ цагъары, мæрдтæм барвитдзысты. 32Ныр ацы лæппуйы тыххæй та нæ фыдæн дзуапдæттæг æз дæн, дæ цагъар. Афтæ йын загътон: „Фæстæмæ дæм æй куынæ ’рбакæнон, уæд цæрæнбонты азымджын уыдзынæн дæ разы“. 33Гъемæ, дæ хорзæхæй, бар ратт, æмæ æз, дæ цагъар, ацы лæппуйы бæсты ме ’лдармæ баззайон, уый та йе ’фсымæртимæ ацæуæд. 34Уымæн æмæ лæппу мемæ куынæ уа, уæд куыд æрлæудзынæн нæ фыды раз? Уый удхармæ кæсын нæ бауыдзæни мæ бон».

**45** Йосеф ма тыххæй йæхи урæдта, йæ цуры чи уыди, уыдоны раз æмæ ныхъхъæр кодта: «Ацæут уе ’ппæт дæр!» Йосефы раз ничиуал аззадис, йæхи йе ’фсымæртæн куы æргом кодта, уæд, 2фæлæ афтæ тынг куыдта, æмæ йæ мысырæгтæ дæр фехъуыстой. Суанг фараоны галуанмæ дæр байхъуысти уыцы хабар.

3Йосеф йе ’фсымæртæн загъта: «Æз Йосеф дæн. Мæ фыд ма æгас у æви нæ?» Æфсымæртæ фæуыргъуыйау сты æмæ йын не сфæрæзтой дзуапп раттын. 4Йосеф та сæм дзуры: «Хæстæг мæм æрбацæут!» Куы йæм бацыдысты, уæд сын афтæ: «Æз Йосеф дæн, уе ’фсымæр, Мысырмæ кæй ауæй кодтат, уый. 5Фæлæ ма хъынцъым кæнут, ардæм мæ кæй ауæй кодтат, уый фæдыл ныр уæхи ма хæрут. Уымæн æмæ мæн уæ цурæй ардæм Хуыцау рарвыста сымахæн уæ цард бахъахъхъæныны тыххæй. 6Зæххыл стонг заман куы скодта, уæдæй дыууæ азы рацыд, æмæ ма ноджыдæр фондз азы дæргъы нæдæр хуым кæндзысты, нæдæр хуым кæрддзысты. 7Фæлæ мæ Хуыцау уæ цурæй арвыста, цæмæй уын уæ мыггаг ныууадза зæххыл, цæмæй диссаджы ирвæзт акæнат. 8Уæдæ мæ ардæм сымах нæ рарвыстат, фæлæ мæ Хуыцау рарвыста æмæ мæ фараонæн скодта уынаффæйы лæг, мæ цагъар мын бакодта уымæн йæ галуан æмæ æгас Мысыры бæстæ.

9Рæвдздæр ацæут мæ фыдмæ æмæ йын зæгъут, дæ фырт Йосеф дæм æрвиты: „Хуыцау мæ сæвæрдта æппæт Мысыры сæргъы. Рацу мæм æвæстиатæй. 10Æрцæрдзынæ мæнмæ æввахс, Гошены зæххыл, дæ цот æмæ дæ цоты цотимæ, æд лыстæг фос, æд стурвос, æд исбон. 11Уым дæ тыхсын ницæмæй бауадздзынæн. Стонг заман ма ахæсдзæни фондз азы, фæлæ нæдæр дæхæдæг баййафдзынæ исты хъуаг, нæдæр дæ хæдзаронтæ, нæдæр дæ фос“.

12Ныр уæхи цæстæй уынут, сымах дæр æмæ ды дæр, ме ’фсымæр Бениамин, уемæ Йосеф кæй ныхас кæны, уый! 13Мæ фыдæн фехъусын кæнут, Мысыры мын цы стыр кад ис, уый. Цыдæриддæр федтат, уый йын рафæзмут æмæ йæ æвæстиатæй ардæм æркæнут».

14Уыцы ныхæсты фæстæ Йосеф йе ’фсымæр Бениамины æфцæджы ныттыхст æмæ ныккуыдта. Йосефыл ныттыхсгæйæ, куыдта Бениамин дæр. 15Цæссыг калгæйæ, Йосеф фæбатæ кодта йе ’фсымæртæн, æмæ уый фæстæ сæ бон сси йемæ ныхас кæнын.

16Фараоны галуанмæ байхъуысти, зæгъгæ, æрцыдысты Йосефы æфсымæртæ, æмæ уыцы хабар фараонæн æмæ йæ дæлдæртæн дæр æхсызгон уыди. 17Фараон Йосефæн загъта: «Де ’фсымæртæн афтæ бафæдзæхс мæ номæй: „Уæ хæрджытыл уæргътæ сæвæрут, фæцæут Ханааны зæхмæ 18æмæ мæм фæстæмæ æрбацæут уæ фыдимæ æмæ уæ хæдзаронтимæ. Æз уын ратдзынæн Мысыры хуыздæр зæхх, æмæ уæхи æфсаддзыстут йæ бæркадæй“. 19Ноджы ма сын бафæдзæхс, уæ сабитæ æмæ, зæгъ, уæ устыты раласынмæ Мысырæй акæнут уæрдæттæ. Раласут, зæгъ, уæ фыды æмæ æрбацæут. 20Уæ фæллæйттæ ныууадзын уæм, зæгъ, æвгъау ма фæкæсæд — Мысыры зæххыл хуыздæрæй цы ис, уыдон, зæгъ, сымах уыдзысты».

21Гъемæ афтæ бакодтой Израилы фырттæ. Йосеф сын фараоны фæдзæхстмæ гæсгæ радта уæрдæттæ, стæй ма фæндаггаг дæр. 22Æфсымæртæн радта фæйнæ фæлысты дарæс, Бениаминæн та — æвзисты æртæсæдæ шекелы æмæ фондз фæлысты дарæс. 23Йæ фыдæн Йосеф дæс нæл хæрæгыл арвыста Мысыры хуыздæр хæзнатæй, дæс сыл хæрæгыл та — хор æмæ фæндаггаг. 24Йе ’фсымæртæ куы цыдысты, уæд сын бафæдзæхста: «Фæндагыл-иу быцæу ма кæнут».

25Афтæмæй æфсымæртæ рараст сты Мысырæй æмæ æрбаздæхтысты Ханааны зæхмæ, сæ фыдмæ, Йаковмæ. 26Радзырдтой йын:

«Йосеф сæрæгас у, æлдариуæг кæны æгас
Мысыры». Йаков фæджих ис — нæ сыл æу-
уæндыди. 27Фæлæ Йосефы ныхæстæ сæ фыд
Йаковæн куы рафæзмыдтой, стæй, йæ рала-
сыны тыххæй Йосеф цы уæрдæттæ сæрвыста,
уыдон куы федта, уæд фæныфсджындæр ис.
28Израил загъта: «Æгъгъæд фæуæд! Æгас у
нырма мæ фырт Йосеф! Цæуон æмæ ма йæ
фенон мæ мæлæты размæ».

**46** Израил йе ’ппæт исбонимæ сыстади Ха-
нааны зæххæй. Беер-Шевæмæ куы бахæццæ
ис, уæд йæ фыд Исаакы Хуыцауæн æрхаста
нывæндтæ. 2Æхсæвы йæм Хуыцау æргом
рацыди æмæ йæм фæсидти: «Йаков! Йаков!»
Уый дзуапп радта: «Хъусын дæм». 3Хуыцау
загъта: «Æз Хуыцау дæн, дæ фыды Хуыцау.
Ма тæрс, цу Мысырмæ — уым дæуæй ранты-
сын кæндзынæн разагъды адæм. 4Мысырмæ
дæр Мæхæдæг ацæуздзынæн демæ, фæстæмæ
дæр дæ Мæхæдæг ракæндзынæн уырдыгæй.
Йосеф дын йæхи къухæй æрæхгæндзæни дæ
цæстытæ». 5Æмæ Йаков рацыди Беер-Шевæ-
йæ. Фараон кæй сæрвыста, уыцы уæрдæтты
Израилы фырттæ аластой сæ фыд Йаковы, сæ
сабитæ æмæ сæ устыты. 6Ханааны сæм цы
фос æмæ цы мулк æрæмбырд, уыимæ Йаков
æмæ йæ байзæддаг æрцыдысты Мысырмæ.
7Уырдæм йемæ æркодта йæ цот æмæ йæ цоты
цоты — йе ’ппæт байзæддæгты.
8Мæнæ Израилы байзæддæгтæ, Мысырмæ
чи æрцыди, уыдон — Йаков æмæ йæ фырттæ:
Рувим, йæ зæнæджы хистæр.
9Рувимы фырттæ: Ханох, Паллу, Хецрон,
Карми. 10Симеоны фырттæ: Йемуел, Йамин,
Охад, Йахин, Цохар, Саул — йæ ханаанаг усы
лæппу. 11Левийы фырттæ: Гершон, Кехат, Мера-
ри. 12Иудæйы фырттæ: Ер, Онан, Шела, Парец,
Зарах. Æцæг, Ер æмæ Онан амардысты Ханааны
зæххыл. Парецы фырттæ: Есром æмæ Хамул.
13Иссахары фырттæ: Тола, Пувва, Иов, Шимрон.
14-15Зевулоны фырттæ: Серед, Елон, Йахлеел.
Йаковæн уыди чызг дæр — Динæ.
Адон сты Леайы цот, Йаковæн Паддан-Ара-
мы кæй ныййардта, уыдон. Лæппуйæ, чыз-
гæй æдæппæтæй — æртындæс æмæ ссæдз.
16Гады фырттæ: Цифион, Хагги, Шуни,
Ецбон, Ери, Ароди, Арели. 17Асиры фырттæ:
Имна, Ишва, Ишви, Бриа; сæ хо — Серах. Бри-
айы фырттæ: Хевер æмæ Малкиел. 18Адон
сты, Лаван йæ чызг Леайæн кæй радта, уыцы
унæут Зилпайы цот, уый Йаковæн кæй ный-
йардта, уыдон. Æдæппæтæй — æхсæрдæс.
19Йаковы ус Рахелы лæппутæ: Йосеф æмæ
Бениамин. 20Йосефæн Мысыры зæххыл
райгуырдысты Менассиа æмæ Ефрем, Оны
сауджын Поти-Перы чызг Аснат ын кæй ный-
йардта, уыдон. 21Бениамины фырттæ: Бела,
Бехер, Ашбел, Гера, Нааман, Ехи, Рош, Муп-
пим, Хуппим, Ард. 22Адон сты Рахел æмæ Йа-
ковы цоты цот. Æдæппæтæй — цыппæрдæс.
23Даны фырт Хушим. 24Неффалимы фырт-
тæ: Йахцеел, Гуни, Йецер, Шиллем. 25Адон
сты, Лаван йæ чызг Рахелæн кæй радта, уыцы
унæут Билхайы цот, уый Йаковæн кæй ный-
йардта, уыдон. Æдæппæтæй — авд.
26Йаковимæ Мысырмæ чи æрцыди, йæ
уыцы байзæддæгтæ, йæ фыртты устыты нæ
нымайгæйæ, æдæппæтæй уыдысты æхсæз
æмæ æртиссæдзы. 27Йосефы фырттæ та, Мы-
сыры йын чи райгуырди, уыдон, уыдысты
дыууæ. Афтæмæй Йаковы мыггаг, Мысырмæ
чи æрцыди, уыдон, æдæппæтæй уыдысты
дæс æмæ æртиссæдзы.
28Йаков Йосефмæ арвыста Иудæйы, цæ-
мæй уый йæ размæ рацæуа Гошенмæ. Æмæ
Йаков йæ хæдзаронтимæ Гошены зæхмæ куы
бахæццæ ис, 29уæд Йосеф дæр сифтыгъта
йæ уæрдон æмæ ссыди Гошенмæ, йæ фыд
Израилмæ. Йæ цуры куы балæууыди, уæд
йе ’фцæджы ныттыхст æмæ бирæ фæкуыдта.
30Израил Йосефæн загъта: «Сæрæгасæй ма
дæ кæм федтон, уым ныр разы дæн амæ-
лыныл дæр».
31Йосеф йе ’фсымæртæн æмæ йæ фыды ин-
нæ хæдзаронтæн загъта: «Цæуон фараонмæ
æмæ йын фехъусын кæнон: „Ханааны зæх-
хæй мæм æрцыдысты ме ’фсымæртæ æмæ
мæ фыды æппæт хæдзаронтæ. 32Фыййау
адæм сты, фосдарджытæ. Семæ æртардтой
сæ лыстæг фос æмæ се стурвос, æрхастой се
’ппæт исбон дæр“. 33Фараон уæм куы фæдзу-
ра æмæ уæ куы бафæрса, цы куыстгæнæг
стут, зæгъгæ, 34уæд-иу ын раттут ахæм дзу-
апп: „Мах, дæ цагъартæ, нæ фыдæлтау не
’взонгæй нырмæ фосдарджытæ стæм“. Æмæ
уæд Гошены зæххыл баззайдзыстут, уымæн
æмæ мысырæгтæ фыййæуттыл былысчъил
кæнынц».

**47** Йосеф фараонмæ бацыдис æмæ йын
загъта: «Мæ фыд æмæ ме ’фсымæртæ æр-
цыдысты Ханааны зæххæй — æд лыстæг
фос, æд стурвос, æд исбон. Æрæнцадысты
Гошены зæххыл». 2Йосеф йе ’фсымæртæй
фондзы бакодта фараоны размæ. 3Фараон
сæ бафарста: «Цы куыстгæнæг стут?» Уы-
дон ын дзуапп радтой: «Мах, дæ цагъартæ,
нæ фыдæлтау фыййæуттæ стæм». 4Ноджы
ма загътой фараонæн: «Мах ардæм уымæн

ærцыдыстæм цæрынмæ, æмæ нæ фосæн
хизæнуат нал ис — Ханааны зæххыл скодта
æвирхъау стонг заман. Бар ратт дæ цагъар-
тæн, цæмæй Гошены зæххыл æрцæрой».
5Фараон Йосефæн загъта: «Дæ фыд æмæ
де 'фсымæртæ дæм æрцыдысты; 6Мысыры
зæхх иууылдæр дæ разы ис — хуыздæр кæм у,
уыцы ран сæ æрцæрын кæн. Гошены зæххыл
æрцæрæнт. Кæд се 'хсæн сæрæн адæм зоныс,
уæд уыдонæн та мæ фос сæ бæрны бакæн».
7Уæд Йосеф фараоны размæ бахуыдта
йæ фыд Йаковы дæр, æмæ Йаков фараонæн
раарфæ кодта. 8Фараон Йаковы бафарста:
«Ныр дыл цал азы цæуы?» 9Йаков фарао-
нæн дзуапп радта: «А дунейыл хætæнхуа-
гæй цæрын сæдæ æртын азы. Цыбыр æмæ
зынвадат уыди мæ цард. Мæ фыдæлтæ цас
фæцардысты, мæнæн уыйас нæ бантыст».
10Йаков та ногæй раарфæ кодта фараонæн
æмæ йæ цурæй рацыд.
11Йосеф, фараоны фæдзæхстмæ гæсгæ, йæ
фыд æмæ йе 'фсымæрты æрцæрын кодта
Мысыры хуыздæр зæххыл, Рамсесы. Уым
сын радта зæххы хæйттæ. 12Йосеф йæ фыд
æмæ йе 'фсымæртæн, стæй йæ фыды иннæ
хæдзаронтæн, кæмæн цал сабийы уыди,
уымæ гæсгæ, хойраг лæвæрдта.
13Стонг заман афтæ стыхджын ис, æмæ
зæххыл хойраджы мур нал баззади. Мысыр
æмæ Ханааны адæмтæ батадысты фыр æх-
хормагæй. 14Мысыр æмæ Ханааны цæрджы-
тæн хор уæй кæнгæйæ, Йосеф æрбамбырд
кодта, цыдæриддæр сæм æвзист уыди, уый,
æмæ йæ фараоны хæзнадонмæ бахаста. 15Аф-
тæмæй Мысыр æмæ Ханааны æвзист нал
баззади. Мысыры адæм иууылдæр æрба-
цыдысты Йосефмæ æмæ йын загътой: «Æри
нын хойраг! Æви дæ разы мæлгæ хъуамæ
акæнæм? Æвзист нæм нал баззад!» 16Йосеф
сын афтæ: «Кæд уæм æвзист нал ис, уæд уын
уæ фосы сæрмæ ратдзынæн хойраг». 17Уы-
йадыл Йосефмæ æрбатардтой сæ фос, æмæ
сын уый сæ бæхтæ, сæ фысвос, стурвос æмæ
хæрджыты сæрмæ радта афæдзваг хойраг.
18Аивгъуыдта уыцы аз, æмæ та иннæ аз
дæр æрбацыдысты Йосефмæ æмæ йын
загътой: «Цы йæ сусæг кæнæм не 'лдарæй,
не 'взист дæр нал ис, нæ фос дæр дæу ба-
ци. Ницыуал нæм баззади, цы дын раттæм,
ахæмæй, нæхи æмæ нæ зæххытæй дард-
дæр. 19Ау, дæ цæсты раз хъуамæ бабын уæм,
æмæ нæ зæххытæ æдзæрæг фæуой? Фæл-
тау нын нæхи дæр æмæ нæ зæххытæ дæр
хойраджы сæрмæ айс, æмæ æд зæххытæ
суыдзыстæм фараоны цагъартæ. Ратт нын
тауинаг, цæмæй удæгасæй аирвæзæм, на-
уæд бынысхъуыд кæнæм, æмæ зауатмæ
æрцæудзæни зæхх дæр».
20Афтæмæй Йосеф фараонæн балхæдта
æппæт Мысыры зæххытæ. Мысырæгтæ сы-
дæй мæлынмæ куы æрцыдысты, уæд ауæй
кодтой сæ хуымтæ, æмæ зæхх баци фараоны
исбон. 21Мысыры адæмы та — бæстæйæн
йæ иу кæронæй иннæмæ — Йосеф скодта
фараоны цагъартæ. 22Æрмæст сауджынты
зæххытæ нæ балхæдта, уымæн æмæ сау-
джынтæн хай уыди фараоны бæркадæй.
Уымæй цардысты æмæ нæ ауæй кодтой сæ
зæххытæ.
23Йосеф Мысыры адæмæн загъта: «Гъе-
ныр уын уæхи дæр æмæ уæ зæххытæ дæр
балхæдтон фараонæн. Мæнæ уын хор та-
уинагæн. 24Тыллæг куы исат, уæд ын йæ
фæндзæм хай дæттут фараонæн, цыппар
хайы та уын — тауинагæн, стæй хæрынæн:
уæхицæн, уæ хæдзаронтæн æмæ уæ саби-
тæн». 25Уыдон загътой: «Ды нæ фервæзын
кодтай! Хорздзинад нын дæ цæст бауарзта,
æмæ нырæй фæстæмæ уыдзыстæм фарао-
ны цагъартæ». 26Йосеф Мысыры цы æгъдау
æрæвæрдта, уый ма суанг абон дæр йæ тыхы
ис: тыллæджы фæндзæм хай фараоны у. Æр-
мæст сауджынты зæххытæй ницы æрхауди
фараонмæ.
27Израилæгтæ æрцардысты Мысыры, Го-
шены зæххыл, цот рауагътой æмæ сбирæ сты.
28Йаков Мысыры зæххыл фæцарди æвддæс
азы, æмæ йыл уым сæххæст ис сæдæ цыппор
авд азы. 29Израилæн йæ адзал куы æрæввахс
ис, уæд басидт йæ фырт Йосефмæ: «Кæд мæ
нымайыс, уæд мын дæ къухæй мæ агъдрæ-
бынмæ бавнал æмæ ард бахæр, иузæрдион
æмæ мын уарзæгой фырт кæй разындзынæ,
уый тыххæй. Мысыры-иу мын ма бавæр мæ
мард, 30фæлæ, мæ фыдæлтыл куы бафтон,
уæд-иу мæ ардыгæй алас æмæ-иу мæ бавæр
мæ фыдæлты зæппадзы». Йосеф ын дзуапп
радта: «Куыд зæгъыс, афтæ бакæндзынæн».
31Израил загъта: «Расомы мын кæн». Йосеф
ын сомы ракодта, æмæ Израил йæ хуыссæн-
уаты скуывта Хуыцаумæ.

**48** Цасдæр рæстæджы фæстæ Йосефмæ
хабар уыдис, дæ фыд фæрынчын ис, зæгъгæ,
æмæ Йосеф йемæ ракодта йæ дыууæ фырты,
Менассиа æмæ Ефремы, æмæ араст ис Йа-
ковмæ. 2Йаковæн загътой, йæ фырт Йосеф
æм кæй æрбацыди, уый. Израил йæ тыхтæ
æрбамбырд кодта æмæ йæ хуыссæны ра-
бадт. 3Йаков Йосефæн загъта: «Кæддæр мæм

Æппæтхъомыс Хуыцау æргом рацыди Лузы,
Ханааны зæххыл, æмæ мын раарфæ кодта.
4Загъта мын: „Æз дæ сбирæ кæндзынæн —
тынг бирæ суыдзысты дæ байзæддæгтæ,
хæдзарвæндæгтæ дæ рантысын кæндзынæн,
дæ байзæддæгтæн ацы зæхх ратдзынæн
мыггагмæйы исбонæн“. 5Гъемæ, Мысырмæ
дæм цалынмæ æрцыдтæн, уæдмæ дын ам
цы дыууæ хъæбулы райгуырди, уыдонæй
ныр мæхицæн зæгъын фырттæ. Ардыгæй
фæстæмæ Ефрем æмæ Менассиа, Рувим æмæ
Симеонау, уыдзысты мæ цотыл нымад. 6Сæ
фæстæ ма дын чи рантыса, уыдон та нымад
уыдзысты дæхи цотыл, æмæ сæ бынтæ уы-
дзысты сæ хистæр æфсымæрты зæххы хайыл.
7Уымæй де 'дзард мад Рахелы сæр нымайын.
Падданæй куы рацыдтæн, уæд Ханааны
зæххыл, Ефрафæмæ нæма бахæццæ стæм,
афтæмæй, ме 'намондæн, амарди Рахел. Йæ
мард дæр ын уым бавæрдтон, Ефрафæмæ
фæндагыл». Ефрафæ ныр хуыйны Вифлеем.
8Израил Йосефы фыртты куы федта, уæд
æй бафарста: «Адон дын чи сты?» 9Йосеф йæ
фыдæн дзуапп радта: «Мæ фырттæ, Хуыцау
мын ам кæй радта, уыдон». Йаков ын загъта:
«Æрбакæ-ма сæ, æмæ сын арфæ ракæнон».
10Израил базæронд ис æмæ цæстæй тынг фæ-
цудыдта. Йосеф лæппуты йæ фыды уæлхъус
æрлæууын кодта, æмæ сын уый фæхъæбыс-
тæ æмæ фæбатæ кодта. 11Йосефæн загъта:
«Дæхи дын фендзынæн, уый æнхъæл дæр
нал уыдтæн, афтæмæй ма мын Хуыцау дæ
байзæддæгты дæр фенын кодта». 12Йосеф
сабиты Израилы хъæбысæй рахизын кодта
æмæ йæ разы зæххыл ныддæлгом ис.
13Уый фæстæ Йосеф Ефремы æрлæууын
кодта йæ рахизфарс — Израилæн йæ галиу
къухы акомкоммæ, Менассиайы та йæ галиу-
фарс — Израилæн йæ рахиз къухы акомком-
мæ, æмæ та йæм сæ бакодта. 14Фæлæ Израил,
йæ къухтæ дзуарæвæрд скæнгæйæ, йæ рахиз
къух æрæвæрдта Ефремы — кæстæры — сæ-
рыл, йæ галиу къух та Менассиайы сæрыл,
кæд уый хистæр уыди, уæддæр. 15Æмæ Из-
раил Йосефæн раарфæ кодта:

«Мæ фыдæлтæ Авраам æмæ Исаак
коммæгæс Кæмæн уыдысты,
мæ райгуырдæй ырмæ мын
Фыййау цы Хуыцау у —
16 алы бæллæхæй мæ Чи хызта,
уыцы зæд —
ракæнæд ацы лæппутæн арфæ!
Ацы лæппутæ хæссæнт мæ ном,
мæ фыдæлтæ Авраам
æмæ Исаакы ном!
Дунейыл æнæнымæц бирæ бауæд
сæ байзæддаг!»

17Йосеф æй Ефремы сæрыл йæ рахиз къух
æрæвæргæ куы федта, уæд уый йæ зæрдæмæ
нæ фæцыд æмæ йæ фыды къухмæ бавнæлд-
та, Ефремы сæрæй йæ хъавыди Менассиайы
сæрмæ айсын. 18Йосеф ын загъта: «Афтæ
нæ, мæ фыд. Мæнæ уый у хистæр зæнæг.
Уый сæрыл æрæвæр дæ рахиз къух». 19Фæлæ
йæм фыд нæ байхъуыста, загъта: «Зонын æй,
мæ фырт, зонын. Уымæй дæр рантысдзæн
адæм, уый дæр уыдзæни номдзыд лæг. Фæ-
лæ йæ кæстæр æфсымæр суыдзæни ноджы
номдзыддæр, йæ байзæддæгтæ уыдзысты
æнæнымæц».
20Гъе афтæмæй сын уыцы бон Йаков ра-
арфæ кодта, æмæ Йосефæн загъта:

«Израилы адæм кæрæдзийæн,
дæ ном аргæйæ, арфæтæ кæндзысты.
Зæгъдзысты-иу:
„Хуыцауы арфæ сæмбæлæд
Ефрем æмæ Менассиайау
дæуыл дæр!“»

Афтæмæй Ефремы фæуæлдæр кодта
Менассиайæ.
21Уый фæстæ Израил Йосефæн загъта: «Æз
ныр мæлгæ кæнын, фæлæ Хуыцау ауддзæни
сымахыл æмæ уæ фæстæмæ уæ фыдæлты
зæхмæ раздахдзæн. 22Дæуæн та, де 'фсы-
мæртæй уæлдæр кæй уыдзынæ, уымæ гæсгæ
дæттын, аморæгтæй мæ кард æмæ фатæй
кæй байстон, уыцы хохы фахс, Шехем».

**49** Йаков йæ фырттæм басидт æмæ сын
загъта: «Æрбамбырд ут, æмæ уын радзурон,
фидæны уæм цы кæсы, уый.

2 Æртымбыл ут, æрбайхъусут,
Йаковы фырттæ,
æрбайхъусут уæ фыд Израилмæ.
3 Рувим, ды мæ хистæр зæнæг,
мæ тых дæ,
мæ нæлгоймаджы хъаруйы
фыццаг æнтыст ды дæ,
дæ кад, дæ хъомысæн æмбал нæй.
4 Ивылд донау абухыс ды,
æмæ нæ уыдзæн хистæры кад дæу:
дæ фыды уатмæ
æнæфсармæй схызтæ,
фæчъизи мын кодтай мæ хуыссæн.
5 Симеон æмæ Левий — æфсымæртæ:
сæ кæрдтæ — тыхмийы хæцæнгæрзтæ.
6 Нæ уыдзынæн æз
уыдонимæ 'мдзæхдон,
се 'мбырдмæ
нæ бавæрдзынæн къах, —

куы смæсты вæййынц —
адæмы цæгъдынц,
сæ хъалæй уыдон галтæн
сæ счъилы нуæрттæ
адзæнгæл кæнынц!
7 Ælгъыст фæуæд сæ уыраугæ маст,
æлгъыст фæуæд сæ хъæхъхъаг уаг!
Æз сæ Йаковы фыртты ’хсæн
ныххæлиу кæндзынæн,
æз сæ Израилы фыртты ’хсæн
байтаудзынæн!
8 Æфсымæртæ дæ стаудзысты, Иудæ!
Йæ бæрзæйæ æрцахсдзынæ фыдгулы;
ныллæг дын кувдзысты
дæ фыды фырттæ.
9 Иудæ — домбайы ләппын;
дæ амæттагыл уæлахиз кæныс,
мæ фырт.
Уый йæхи æруадзы домбайау,
мадæл домбайау зæххыл æрхуыссы —
чи йæ бауæнддзæн бахъыгдарын?
10 Иудæ паддзахы лæдзæгæй
æнæхай нæ фæуыдзæн,
йæ байзæддаг паддзахы бадæнæй
нæ фæхаудзæн,
цалынмæ, паддзахы бартæ Кæмæ сты,
Уый не ’рцæуа,
æмæ адæмтæ
Йæ дæлбар не суой, уæдмæ.
11 Иудæ йæ къæлæуы
сæнæфсиры зæнгыл бæтдзæнис,
талаты хуыздæрыл бæтдзæни
йæ къæлæуы.
Æнхъæвздзæн йæ пæлæз
сæнæфсиры доны,
сæнæфсиры туджы
æнхъæвздзæни йæ дарæс.
12 Йæ цæстытæ уымæн сты
сау сæнæй саудæр,
йæ дæндæгтæ уымæн
æхсырæй сты урсдæр.
13 Зевулон!
Æввахс æрцæрдзæни фурдмæ,
æмæ йæ бæстæ наулæууæн суыдзæн.
Йæ арæнтæ æххæсдзысты Сидонмæ.
14 Иссахар — фидарстæг хæрæг,
хуыссы йæ хордзенты астæу.
15 Уый федта, йæ улæфæн бынат
куыд хорз у,
бæллиццаг кæй у уыцы зæхх,
æмæ йе уæхск бадардта уаргъмæ —
цагъары куыстыл сразы ис.
16 Дан, тæрхоны лæг
дæ адæмæн уыдзынæ —
Израилы хæдзарвæндæгтæй иуæн.
17 Хилæгау уыдзæни Дан фæндагыл,
калмау уыдзæни уый развæдыл:
бæхы счъилыл куы фæхæцы,
уæд барæг асхъиуы фæстæрдæм.
18 Дунедарæг, фервæзын кæн,
дарын Дыл мæ зæрдæ!
19 Гадмæ абырджыты бардз
лæбурдзæни,
фæлæ сæ уый зæйау йæ разæй
ахæсдзæн.
20 Асиры бæркадæн ныккæнæн
нæ уыдзæни,
аккаг хæлц паддзахæн хæсдзæни.
21 Неффалим — сæрибар хъуаз,
рæсугъд сты йæ лæппынтæ.
22 Йосеф — зад сæнæфсиры тала,
зад сæнæфсиры тала суадоны сæрмæ.
Йæ къабузтæ сисыл хилынц.
23 Маст ын кодтой
æмæ йæ фатæй æхстой,
тох амадтой йемæ æрдынджынтæ.
24 Фæлæ йæ фат æмæ йе ’рдын
æндæрхуызон дæр нæ фесты,
йæ цонджы хъаруйыл ын бафтыдта
Йаковы Хъомысджын Хуыцау.
Уый фæрцы сдæ Израилæн
йæ фыййау,
йæ ныфсы мæсыг ды.
25 Дæ фыды Хуыцау аудæд дæуыл,
Æппæтхъомысы арфæ дыл æмбæлæд:
уæларвы ’ртах æмæ,
зæххы бын цы дон ис, уымæй,
дæ хуымтæ донæфсæст цы ’ййафой,
дæ байзæддаг бирæ-бирæ цы бауа.
26 Дæ фыды арфæтæ рагон хæхтæй —
бæрзонддæр,
æнусон къуылдымтæй — уæлдæр!
Æппæтæй дæр
схайджын уæд Йосеф, —
æфсымæрты ’хсæн
уый куы у æвзæрст.
27 Бениамин — тугдзых бирæгъ,
уый райсомæй йæ тæлæттаг хæры,
изæры та йæ амæттаджы скъуыны».
28Гъе уыдон сты Израилы дыууадæс хæ-
дзарвæндаджы. Гъе ахæм арфæтæ сын ра-
кодта сæ фыд, алкæмæн дæр — сæрмагондæй.
29Йаков йæ фырттæн бафæдзæхста: «Ныр
æз мæрдтæм, мæ фыдæлты размæ, цæуинаг
дæн, æмæ-иу мæ бавæрут, хеттаг Ефроны
быдыры цы лæгæт ис, уым. 30Лæгæт ис Ха-
нааны зæххыл, Мамрейы цур, кæддæр Ав-
раам зиан æвæрынæн хеттаг Ефронæй кæй
балхæдта, уыцы Махпелайы быдыры. 31Уым
бавæрдтой Авраам æмæ йæ ус Саррæйы, уым

бавæрдтой Исаак æмæ йæ ус Ревеккæйы дæр,
æз та дзы бавæрдтон Леайы. 32Уыцы быдыр
æд лæгæт хеттæгтæй æлхæд у». 33Йаков Йæ
фырттæн уыцы фæдзæхстытæ куы загъта,
уæд йæ хуыссæнуаты йæхи ауагъта æмæ
уыйадыл йæ уд систа, йæ фыдæлтæм ацыд.

**50** Йосеф ныддæлгом ис йæ фыдыл æмæ
йын, цæссыг згъалгæйæ, фæбатæ кодта. 2Уый
фæстæ йæ лæггадгæнæг дохтыртæн бар-
дзырд радта, цæмæй йын йæ фыды мардмæ
хæрздæфгæнæнтæй базилой. Æмæ дохтыртæ
базылдысты Израилы мардмæ. 3Дыууиссæдз
боны дæргъы йыл архайдтой — æгъдау куыд
амыдта, афтæ. Дæс æмæ æртиссæдз боны
йыл фæхъыг кодтой Мысыры адæм.
4Саударæн бонтæ куы фесты, уæд Йосеф
бахатыди фараоны галуаны адæммæ: «Кæд
мын уыцы хорз ракæнын уæ бон у, уæд уæ
курын, æмæ фараонæн мæ номæй зæгъут:
5„Мæ фыд мын ард бахæрын кодта — афтæ
мын бафæдзæхста, куы амæлон, уæд-иу
мæ, Ханааны зæххыл мæхицæн цы зæппадз
скодтон, уым бавæр, зæгъгæ. Гъемæ мын
бар ратт, цæмæй ацæуон æмæ мæ фыды
бавæрон. Уый фæстæ æрбаздæхдзынæн“».
6Фараон ын бар радта: «Ацу æмæ бавæр дæ
фыды, ард дын куыд бахæрын кодта, афтæ».
7Йосеф араст ис йæ фыды мард бавæрын-
мæ. Йемæ рацыдысты фараоны фæсдзæуин-
тæ, йæ барджынтæ æмæ Мысыры кадджын
хистæртæ, 8стæй Йосефы хæдзаронтæ æмæ
йе ’фсымæртæ — йæ фыды æппæт хæдзар.
Гошены зæххыл ма баззадысты æрмæст сæ
сабитæ, сæ лыстæг фос æмæ стурвос. 9Йо-
сефимæ рацыдысты уæрдонджынтæ æмæ
бæхджынтæ дæр. Тынг бирæ адæм рацыд
йæ фæдыл.
10Иорданы фале Горен-Атадмæ куы æрба-
хæццæ сты, уæд уым Йосефы фыдыл еххæй
фæкуыдтой, фæбогъ-богъ кодтой, фæхъыг
ыл кодтой авд боны. 11Уыцы зæххы цæр-
джытæ, ханаанæгтæ, Горен-Атады куыд
дзынæзтой, уый куы федтой, уæд загътой:
«Куыд тынг кæуынц мысырæгтæ!» Уымæ
гæсгæ ацы бынат схуыдтой Авел-Мицраим,
ис Иорданы фале.
12Йаковы фырттæ сæххæст кодтой сæ фы-
ды фæдзæхст, 13ахастой йæ Ханааны зæх-
мæ æмæ йæ бавæрдтой, Мамрейы ныхмæ
Махпелайы быдыры цы лæгæт уыди, уым.
Уыцы быдыр кæддæр Авраам хеттаг Еф-
ронæй зиан бавæрыны тыххæй балхæдта.
14Йосеф йæ фыды куы бавæрдта, уæд йе
’фсымæртимæ æмæ, йæ фыды зианы фæдыл
чидæриддæр рацыди, уыдонимæ æрбаздæх-
ти Мысырмæ.
15Йаковы мæлæты фæстæ Йосефы æфсы-
мæртæ ныссагъæс кодтой: «Гæнæн ис, æмæ
ма нæм Йосеф хæрам у, цы фыд ын ракод-
там, уый тыххæй нæ йæ маст райсдзæн».
16Æмæ Йосефмæ барвыстой: «Дæ фыд нын
йæ мæлæты размæ ныффæдзæхста, 17Йосе-
фæн, дам, зæгъут: де ’фсымæртæн ныббар
сæ тæригъæд, сæ азым — цы фыдми дын
бакодтой, уый. Гъемæ дæ курæм, ныхха-
тыр кæн, дæ хорзæхæй, сæ азым дæ фыды
Хуыцауы цагъартæн». Уыцы ныхæстæ йын
куы кодтой, уæд Йосеф куыдта.
18Æфсымæртæ йæм сæхæдæг дæр æрба-
цыдысты, ныддæлгом сты йæ разы æмæ
загътой: «Ныръæй фæстæмæ дын мах — ца-
гъартæ». 19Фæлæ сын Йосеф загъта: «Тæрсгæ
мæ ма кæнут! Æз Хуыцау, мыййаг, куынæ
дæн. 20Фыдвæнд уæ зæрды уыди, фæлæ уын
æй Хуыцау хорзæрдæм фæкодта, цæмæй
æрцæуа, абон цы уынæм, уый: бирæ адæм
фервæзтысты мæлæтæй. 21Гъемæ ма тæрсут.
Æз уын уæхи дæр æмæ уæ сабиты дæр дар-
дзынæн». Уыцы рæвдауæн ныхæстæй Йосеф
æрсабыр кодта йе ’фсымæрты.
22Афтæ Йосеф йæ фыды æппæт мыггаги-
мæ æрцарди Мысыры. Фæцарди дæс æмæ
фондзыссæдз азы. 23Æрæййæфта ма Ефремы
фыртты фыртты. Менассиайы фырт Махиры
хъæбултæ дæр ма уый хъæбысмæ райгуыр-
дысты. 24Æмæ загъта Йосеф йе ’фсымæртæн:
«Мæнæн мæ адзал æрцыди, фæлæ Хуыцау
сымах æнæмæнг æрхъуыды кæндзæн æмæ
уæ ацы зæххæй акæндзæн, Авраамæн, Исаа-
кæн æмæ Йаковæн цы зæхх раттынæй сомы
кодта, уырдæм». 25Йосеф Израилы фырттæн
ард бахæрын кодта — бафæдзæхста сын:
«Искæд бон Хуыцауы зæрдыл куы æрлæууат,
уæд-иу мын ме стджытæ ардыгæй ахæссут».
26Йосеф амарди, дæс æмæ йыл фондзыс-
сæдз азы куы цыди, уæд. Йæ мардмæ йын
хæрздæфгæнæнтæй базылдысты, чырыны
йæ нывæрдтой æмæ йæ Мысыры зæххыл
бафснайдтой.

**50:11** Ома «мысырæгты кæуын».

# Моисейы дыккаг чиныг

# Рацыд

Фондзчиныгоны дыккаг чиныгæн йæ ныхасы сæр у израилаг адæмы райгуырд — Йаковы байзæддæгты суæгъд мысыраг уацарæй æмæ сын Æгъдауы ралæвар. Ацы цаутæ æрцыдысты æртæ мин азæй фылдæры размæ (аз бæлвырдгонд нæу — историктæ иу хъуыдымæ не 'рцыдысты).

Чиныджы фыццаг хайы (1–19 сæртæ) дзырдæуы, Дунедарæг кæй равзæрста æмæ Йæ адæмы Мысырæй ракæнын кæмæн бабар кодта, уыцы адæймаджы, Моисейы, тыххæй. Дыккаг хайы (20–40 сæртæ) та ныхас цæуы Хуыцау æмæ Йæ адæмы 'хсæн Фидыды сарæзт æмæ Æгъдауы ралæварыл. Æгъдау амад у Хуыцауы Дæс фæдзæхстыл (20:2-17). Нырыккон дунейы бирæ адæмтæн сæ хæрзуаджы бындур ацы фæдзæхстытæ сты.

Хуыцау Моисейæн цадæггай æргом кæны Йæ уагæвæрдтæ æмæ амындтытæ, Йе 'рдзыхъæды сæйраг æууæлтæ æмæ Йе 'цæг ном. Бæстон ын амоны, нывондхæссæн æмæ, Дунедарæг Йæ адæмы 'хсæн кæм æрбынæттон уыдзæн, израилæгты уыцы фæндаггон кувæндон, Цатыр, куыд саразын хъæуы, уыдæттæ (2–30 сæртæ). Уыимæ Хуыцау зæххон историйæ иуварс нæ лæууы. Уый зæххон цардæн аивы йæ цыд, Авраам, Исаак æмæ Йаковы байзæддæгты ссæрибары æмæ Йæ дзырд сæххæст кæныны охыл. Уыцы иу рæстæг чиныджы æвдыст цæуы, Моисейы алы къахдзæфы ныхмæ дæр адæм куыд сызнæт вæййынц, уый: цагъайраджы цардыл сахуыр сты, сæрибар цардæн ницы æмбарынц æмæ йын аргъ нæ кæнынц. Райдианы чиныджы куыд у, афтæ ам дæр Библийы хъайтарты фæлгонцтæ æвдыст цæуынц алывæрсыгæй, сæ лæмæгъдзинæдтæ æмæ сæ аиппытæ нæ сусæг кæнгæйæ.

---

**1** Мысыры бæстæм Йаковимæ, йæ иннæ
ном — Израил, æрбацыдысты (алчи æд би-
нонтæ) йæ фырттæ: 2Рувим, Симеон, Левий,
Иудæ, 3Иссахар, Зевулон, Бениамин, 4Дан,
Неффалим, Гад, Асир. 5Йосефимæ — уый
раздæр афтыди Мысырмæ — Йаковы бай-
зæддæгтæ æдæппæтæй уыдысты дæс æмæ
æртиссæдз.
6Амард Йосеф, амардысты йе 'фсымæртæ,
удæгас ничиуал уыд сæ фæлтæрæй дæр. 7Фæ-
лæ израилæгтæн сæ хъæстæ даргъ-уæрæх
ацыд — сбирæ æмæ стыхджын сты, Мысыры
зæххæн уæз кæнын райдыдтой.
8Уæдмæ бæстæйы сæргъы æрлæууыди
ног паддзах, Йосефы чи нæ зыдта, ахæм.
9Уый йæ адæмæн загъта: «Кæсут-ма, изра-
илæгтæ куыд сбирæ сты! Хъомысæй дæр
ныл уæлахиз кæнынц. 10Исты æрхъуыды
хъæуы, цæмæй бынтон ма ныббирæ уой,
уый тыххæй. Науæд, хæст райдыдта, зæгъ-
гæ, уæд нæ фыдгултимæ баиу уыдзысты, нæ
ныхмæ ралæудзысты æмæ сæхи айсдзысты
нæ бæстæй».
11Израилæгты, сæ тых сын чи сæт-
та, ахæм уæззау куыстытыл бафтыдтой.
Цæстдарджытæ сын сæвæрдтой æмæ сын
фараонæн дыууæ сахары саразын кодтой
æфтауцуатæн — Питом æмæ Рамсес. 12Фæлæ
сæ цас тынгдæр æфхæрдтой, уыйас тынгдæр
рæзти сæ нымæц. Мысырæгтæ тасы бацы-
дысты 13æмæ сын ноджы карздæр фыдæ-
бæттæ æвзарын кодтой. 14Израилæгты цард
бынтондæр зындон фестад: змæстой æлыг
æмæ дзы амайæн дуртæ арæзтой, быдыры
фыдæбон кодтой. Мысырæгтæ тæригъæд
нæ зыдтой, уæззаудæр цы куыст ис, уыдон
сын се 'ккой скодтой.
15Мысыры паддзах фæдзырдта дзуттаг
æвгъæдгæс устытæм, сæ иуы ном — Шифра,
иннæйы ном — Пуа, 16æмæ сын бафæдзæхс-
та: «Дзуттаг сылгоймæгтæй æвгъæдгæс кæ-
мæн уат, уыдонæн-иу сæ лæппуты амарут,
чызджытæ та цæрæнт».
17Фæлæ æвгъæдгæстæ Хуыцауæй тарстыс-
ты æмæ Мысыры паддзахы фæдзæхст не
'ххæст кодтой, удæгасæй-иу ныууагътой ног-
гуырд лæппуты. 18Паддзах сæм фæдзырдта
æмæ сæ бафарста: «Ноггуырд лæппуты удæ-
гасæй цæмæн ныууадзут?» 19Æвгъæдгæстæ
фараонæн загътой: «Дзуттаг сылгоймæгтæ

мысырæгты хуызæн не сты. Уыдон хъæддых сты — æвгъæдгæс нæма бахæццæ вæййы, афтæмæй сæ сывæллон гуырд вæййы».

20Израилæгтæ фылдæрæй-фылдæр æмæ тыхджынæй-тыхджындæр кодтой. Хуыцау Йæ хорзæхæй схайджын кодта æвгъæдгæс устыты. 21Хуыцауæй кæй тарстысты, уый тыххæй сын зæнæгæй амонд радта.

22Уæд фараон бардзырд радта йе ’ппæт адæмæн: «Дзуттæгтæн-иу сæ ноггуырд лæппуты Нилы доны баппарут, чызджытæ та уадз æмæ цæрой».

**2** Левийы хæдзарвæндагæй иу лæг æрхуыдта ус, уый дæр — Левийы хæдзарвæндагæй. 2Ус банхъæлцау ис æмæ ныййардта лæппу. Лæппу рæсугъд у, уый федта æмæ йæ æртæ мæйы дæргъы æмбæхстæй фæдардта. 3Дарддæр ын æмбæхсæн куынæуал уыд, уæд хъæзæй быд чыргъæд писийæ байсæрста, сабийы дзы нывæрдта æмæ йæ Нилы былгæрон хъамылы ныууагъта. 4Сабийы хо дæрддзæфгомау лæууыд æмæ, дарддæр цы уыдзæн, уымæ йæ хъус дардта.

5Уалынмæ фараоны чызг йæ унæуттимæ Нилмæ йæхи найынмæ рацыди. Чыргъæдыл йæ цæст æрхæцыдис хъамылы, æмæ йæ æрбахæссын кодта. 6Байгом æй кодта, æмæ дзы — саби. Сывæллон куыдта, æмæ йын фæтæригъæд кодта. «Ай дзуттаг сывæллон у», — загъта фараоны чызг. 7Сабийы хо йæ бафарста: «Дзуттаг дыджызæмæ фæдзурон, цæмæй дын æй схæсса?» 8«Фæдзур», — загъта фараоны чызг. Чызг ацыд æмæ сабийы мады æрбакодта. 9Фараоны чызг ын загъта: «Ацы сабийы мын схæсс, æмæ дын бафиддзынæн». Сылгоймаг райста сабийы æмæ йæ хæссын райдыдта. 10Куы байрæзт, уæд æй бакодта фараоны чызгмæ, æмæ дзы уый йæхицæн лæппу загъта, ном та йыл сæвæрдта Моисей. «Донæй йæ кæй систон, уымæ гæсгæ», — загъта чызг.

11Рæстæг цыд, æмæ Моисей ралæг ис. Иуахæмы бацыд йе ’фсымæртæм, израилæгтæм, æмæ сын федта сæ удхайраг куыст. Федта, мысыраг ын йе ’фсымæртæй иуы, дзуттаджы, фыр надæй куыд мары, уый. 12Аракæс-бакæс кодта Моисей æмæ, йæ алыварс куы ничи уыд, уæд амардта мысыраджы æмæ йын йæ мард змисы баныгæдта.

13Дыккаг бон дæр та сæм бацыд, æмæ дын мæнæ дыууæ дзуттаджы хыл кæнынц. Моисей æфхæрæджы фæрсы: «Де ’мбалы цæмæн нæмыс?» 14Уый йын афтæ: «Чи дæ баурæдта махæн хицау æмæ тæрхоны лæгæй? Мæн дæр, мысыраджы куыд амардтай, афтæ марынмæ хъæвыс?»

Моисей фæтарст, йæхинымæр загъта: «Бæлвырд, уыцы хъуыддаг нæ басусæг ис». 15Фараон хабар куы базыдта, уæд марынвæнд скодта Моисейы. Фæлæ Моисей алыгъд æмæ Мидианы зæххыл æрбынат кодта.

Цъайы цур куыд бадт, 16афтæ æрбацыдысты Мидианы сауджыны авд чызджы, цæмæй сæ фыды дзугæн тæгæнатæм дон сисой. 17Уæдмæ фыййæуттæ фæзындысты æмæ сæ хъуамæ атардтаиккой. Моисей чызджыты сæрыл рахæцыд æмæ сын сæ фыстæн дон бадардта.

18Чызджытæ сæ фыд Реуелмæ куы баздæхтысты, уæд сæ уый бафарста: «Абон цæй тагъд уыдыстут?» 19Уыдон ын загътой: «Цавæрдæр мысыраг нæ сæрыл рахæцыди фыййæутты раз, суанг ма нын дон дæр систа æмæ бадардта нæ фыстæн». 20«Æмæ цы фæци? — бафарста уый йæ чызджыты. — Цæуылнæ йæ æрбахуыдтат? Фæдзурут æм, æмæ немæ къæбæр бахæра».

21Моисей сфæнд кодта уыцы лæгмæ баззайын. Уый йын радта йæ чызг Циппорайы. 22Лæппу сын райгуырд, æмæ йыл Моисей сæвæрдта ном Гершом æмæ загъта: «Ацы ном нысан кæны, æз æцæгæлон зæххыл æрцæуæггаг кæй дæн, уый».

23Рацыди дзæвгар рæстæг. Мысыры паддзах амарди. Израилæгтæ сæ уæззау кустæй æнцой нæ зыдтой, æрдиаг кодтой, æххуысмæ дзынæзтой, æмæ сæ хъæрзын Хуыцаумæ фехъуысти. 24Фехъуыста сын Хуыцау сæ хъæрзын, æмæ æрлæууыд Йæ зæрдыл Йæ фидыд Авраам, Исаак æмæ Йаковимæ. 25Æркасти Хуыцау Израилы байзæддæгтæм. Хуыцау сæм Йе ’ргом раздæхта.

**3** Моисей хызта йæ каис Ифройы, мидианаг сауджыны, лыстæг фос. Иуахæмы дзуджы фæстæ дзæвгар бауад æдзæрæг быдыры æмæ бафтыди Хуыцауы хох Хоревы рæбынмæ. 2Уыцы ран æм Дунедарæджы зæд раргом ис арты æвзæгты, судзгæ сындзкъутæрæй. Моисей федта: къутæрыл арт сирвæзт, фæлæ йæ нæ судзы. 3Йæхинымæр загъта: «Цом-ма фенон, уый цы диссаг уа, къутæр йæхæдæг куыд нæ басудзы?»

4Дунедарæг федта, Моисей хæстæгдæр бацыд, уый æмæ йæм къутæрæй радзырдта:

**2:10** *Моисей* йæ мыртæм гæсгæ у дзуттаг дзырдбаст «мешитиху»-йы («донæй йæ систон») æнгæс. **2:22** *Гершом* йæ мыртæм гæсгæ у мысыраг дзырд «гер»-ы («æрцæуæггаг») æнгæс.

«Моисей! Моисей!» Уый дзуапп радта: «Мæ-
нæ дæн!» 5Хуыцау ын загъта: «Æрбацу-ма
хæстæг. Дæ дзабыртæ ралас — цы бынаты
лæууыс, уый у уаз зæхх. 6Æз дæ фыдæлты
Хуыцау дæн — Авраамы Хуыцау, Исаакы Ху-
ыцау, Йаковы Хуыцау». Моисей йæ цæсгом
бамбæрзта: нæ уæндыди Хуыцаумæ кæсын.
7Дунедарæг загъта: «Æз уынын Мæ адæмы
хъизæмар Мысыры. Хъусын, æххуысмæ куыд
дзыназынц, уый, — цæстдарджытæ сæ ’фхæ-
рынц æнæвгъау. Æз зонын, мæ адæмæн сæ
хъару кæй басаст, 8æмæ æрхызтæн, цæмæй
сæ мысырæгты къухтæй суæгъд кæнон æмæ
сæ, æхсыр æмæ мыд кæцæй хъары, уыцы
сойджын æмæ парахат зæхмæ, ханаанæгтæ,
хеттæгтæ, аморæгтæ, периззæгтæ, хиввæгтæ
æмæ йевусæгты зæхмæ акæнон. 9Израилæг-
ты дзыназын Мæм сыхъуыст, федтон, мы-
сырæгтæ сæ куыд æфхæрынц, уый. 10Цæугæ
уæдæ — Æз дæ æрвитын фараонмæ: Мæ
адæмы Мын, израилæгты, Мысырæй ракæн».
11Фæлæ Моисей загъта: «Чи дæн æз, цæ-
мæй ацæуон фараонмæ æмæ израилæгты
Мысырæй ракæнон?» 12Хуыцау ын дзуапп
радта: «Æз демæ уыдзынæн. Мæнæ, Æз дæ
кæй арвыстон, уый нысан: Мæ адæмы Мын
Мысырæй куы ракæнай, уæд æрбацæуздзыс-
тут æмæ Хуыцаумæ мæнæ ацы хохы сæр
скувдзыстут».
13Моисей бафарста: «Израилæгтæм куы
фæцæуон, уæ фыдæлты Хуыцау мæ сымахмæ
рарвыста, зæгъгæ, æмæ мæ уыдон Дæ но-
мæй куы бафæрсой, уæд сын куыд хъуамæ
зæгъон?» 14Хуыцау загъта Моисейæн: «ÆЗ
ДÆН, ЧИ ДÆН, УЫЙ. Æмæ-иу ахæм дзуапп
ратт израилæгтæн: „Мæн сымахмæ рарвыста,
Йæ ном ÆЗ ДÆН кæмæн у, Уый“».
15Ноджыдæр ма загъта Хуыцау Моисейæн:
«Зæгъ-иу израилæгтæн, кæй дæ рарвыста
Дунедарæг, сæ фыдæлты Хуыцау — Авра-
амы Хуыцау, Исаакы Хуыцау æмæ Йаковы
Хуыцау. Гъе уый уын Мæ ном мыггагмæ —
фæлтæрæй-фæлтæрмæ Мæм цæмæй уыцы
номæй куват.
16Цу æмæ æрæмбырд кæн Израилы адæмы
хистæрты æмæ сын зæгъ, æргом мæм, зæгъ,
рацыд уæ фыдæлты Хуыцау, Авраамы Ху-
ыцау æмæ Исаакы Хуыцау, Йаковы Хуыцау,
æмæ мын загъта: „Æз уæм æркастæн æмæ
федтон, Мысыры уын цытæ кæнынц, уый.
17Æмæ сфæнд кодтон: цагъары къæлæты
бын кæм удхар кæнут, уыцы Мысырæй уæ
акæндзынæн, æхсыр æмæ мыд кæцæй хъары,
уырдæм, ханаанæгтæ, хеттæгтæ, аморæг-
тæ, периззæгтæ, хиввæгтæ æмæ йевусæгты
зæхмæ“.
18Израилы адæмы хистæртæ дæм бай-
хъусдзысты, æмæ-иу семæ бацу Мысыры
паддзахмæ æмæ йын-иу зæгъут: „Æргом
нæм рацыди Дунедарæг, дзуттæгты Хуы-
цау. Уæдæ нæ ауадз, æртæ бонцауы фæ-
цæуддзыстæм æдзæрæг быдырмæ, цæмæй
уым нывонд æрхæссæм Дунедарæгæн, нæ
Хуыцауæн“. 19Æз зонын, Мысыры паддзах уæ
нæ рауадздзæн, уромдзæн уæ, Мæ хъомыс
Мын ницæмæ даргæйæ. 20Æмæ сæм уæд Æз
Мæ къух сисдзынæн æмæ диссæгты хуызы
Мæ азар бафтаудзынæн Мысырыл. Æмæ уæ
уый фæстæ ауадздзæни Мысыры паддзах.
21Æмæ Æз афтæ бакæндзынæн, цæмæй уын
мысырæгтæ хорз ракæной — афтидармæй нæ
рацæудзыстут Мысырæй: 22алы сылгоймаг
дæр уæ йæ сыхаг мысыраг сылгоймагæй
ракурдзæн æвзист æмæ сыгъзæрин фæлын-
дæнтæ, дарæс. Къахæй къухмæ сараздзыстут
уæ фырттæ æмæ уæ чызджыты. Стыр æфти-
агимæ рацæудзыстут Мысырæй».

**4** Фæлæ Моисей загъта: «Куынæ мыл бау-
уæндой æмæ мæм куынæ байхъусой, уæд
та? Зæгъдзысты, Дунедарæг дæм нæ раргом
ис, зæгъгæ». 2Дунедарæг æй бафарста: «Уый
та дæ къухы цы ис?» Моисей дзуапп радта:
«Лæдзæг». 3Дунедарæг ын загъта: «Аппар
æй зæхмæ». Моисей йæ аппæрста. Лæдзæг
калм фестадис, æмæ Моисей лидзынмæ
фæци. 4«Йæ къæдзилæй йæ ацахс», — загъта
Дунедарæг. Моисей калмы къæдзилмæ фев-
нæлдта, æмæ калм йæ къухы лæдзæг фестад.
5Дунедарæг загъта: «Уый уымæн афтæ у, цæ-
мæй сæ бауырна: Дунедарæг, сæ фыдæлты
Хуыцау — Авраамы Хуыцау, Исаакы Хуыцау,
Йаковы Хуыцау — дæумæ æргом рацыд».
6Дунедарæг ма ноджы загъта: «Дæ къух
дæ роны акæн». Моисей йæ къух йæ роны
акодта. Фæстæмæ йæ куы райста, уæд къух
хъотырæй митау урс фестад. 7«Ногæй йæ
дæ роны акæн», — загъта та йын Дунедарæг.
Моисей ногæй йæ къух йæ роны акодта. Куы
йæ райста, уæд фæстæмæ йæ хуыз райста.
8Дунедарæг загъта: «Фыццаг диссаг куы ни-
цæмæ æрдарой æмæ дыл куынæ баууæндой,
уæддæр сæ дыккаг диссаг баууæндын кæн-
дзæн. 9Уыцы дыууæ диссаджы фæстæ дæр ку-
ынæ баууæндой æмæ дæм куынæ байхъусой,
уæд та-иу Нилы донæй сис, зæххыл æй акал,
æмæ уыцы дон сур зæххыл туг фестдзæн».

**3:14** *Æз дæн, Чи дæн, уый* – дзуттагау «Эхйе ашер Эхйе». Хуыцау Йæхи схуыдта «Эхйе» (Йахве), ома «Æз дæн».

10Моисей Дунедарæгæн загъта: «О Барда-
рæг! Æз дзурынмæ дæсны нæ дæн. Амæй
размæ дæр нæ уыдтæн æмæ ныр дæр, Ды
мемæ, Дæ цагъаримæ, куы ныхас кæныс,
уæд дæр. Къæзæнæг дæн, ме ’взаг мæ дзыхы
дзæбæх нæ тасы».
11Дунедарæг ын загъта: «Адæймагæн æвзаг
чи радта? Гоби кæнæ йæ къуырма чи скæны?
Чи йæ кæны куырм кæнæ цæстджын? Æз,
Дунедарæг! 12Цу уæдæ! Æз демæ уыдзынæн,
куы дзурай, уæд. Цы зæгъын хъæуы, уый
дын Æз Мæхæдæг бацамондзынæн». 13«О
Бардарæг! — загъта Моисей. — Дæ хорзæхæй,
æндæр искæй арвит». 14Дунедарæг смæсты
ис Моисеймæ æмæ йын загъта: «Аарон-ле-
вит де ’фсымæр нæу? Йæ дзыхарæхст ын
Æз хорз зонын! Ныридæгæн дæ размæ ра-
цæуы. Куы дæ фена, уæд ныццин кæндзæн,
15æмæ-иу ын зæгъ, цы дзурын хъæуы, уый.
Æз Мæхæдæг уемæ уыдзынæн, куы дзурат,
уæд. Æз уын Мæхæдæг бацамондзынæн, цы
гæнгæ уын у, уый. 16Дæ бæсты Аарон дзур-
дзæн адæмимæ æмæ сæм хæццæ кæндзæн
дæ ныхæстæ, ды та йын Хуыцауы хуызæн
уыдзынæ. 17Айс демæ ацы лæдзæг — уый
æххуысæй диссæгтæ сараздзынæ».
18Моисей хæдзармæ куы бафтыди, уæд йæ
каис Ифройæн загъта: «Бар мын ратт, æмæ
Мысырмæ аздæхон, ме ’фсымæртæ ма æгас
сты æви нæ, уый бабæрæг кæнон». Ифро йын
загъта: «Цу фарнимæ».
19Моисей ма Мидианы уыд, афтæмæй йын
Дунедарæг загъта: «Аздæх Мысырмæ. Ма-
рынмæ дæ чи хъавыд, уыдонæй иу дæр удæ-
гас нал у». 20Моисей йæ ус æмæ йæ фыртты
хæрæгыл сæвæрдта, Хуыцауы лæдзæг йемæ
райста æмæ араст ис Мысырмæ. 21Дунедарæг
Моисейæн загъта: «Мысырмæ куы баздæ-
хай, уæд-иу, хъусыс, диссæгтæ саразыны
тыххæй дын цы хъару радтон, уый фараоны
раз равдис. Æз та йын йæ зæрдæ ныддур
кæндзынæн, æмæ адæмы нæ рауадздзæн.
22Æмæ-иу уæд ды фараонæн зæгъ, афтæ,
дам, зæгъы Дунедарæг: „Израил Мæ фырт
у, Мæ хистæр зæнæг. 23Æз дын загътон, ра-
уадз Мын Мæ фырты, æмæ Мæм бакува. Ды
йæ нæ рауагътай, æмæ дын Æз дæ хистæр
фырты амардзынæн“».
24Фæндагыл, æхсæвиуат кæм кодтой, уыр-
дæм Моисеймæ фæзынди Дунедарæг æмæ
йæ марынмæ хъавыд. 25Уæд Циппора райста
æхсон цыргъаг, йæ лæппуйæн скодта су-
нæт, сунæты лыггагæй байсæрста Моисейы
къæхтæ æмæ загъта: «Туджы фæрцы дæ
мæ мойаг».
26Уæд Дунедарæг ныууагъта Моисейы. (Йæ
лæппуйæн сунæт кæй скодта, уымæ гæсгæ
загъта Циппора Моисейæн, туджы фæрцы
дæ мæ мойаг, зæгъгæ.)
27Дунедарæг Ааронæн загъта: «Æдзæрæг
быдырмæ Моисейы размæ ацу». Уый фæраст
ис, фембæлд ыл Хуыцауы хохы рæбын æмæ
йын аба кодта. 28Моисей Ааронæн радзырд-
та, Дунедарæг æй цы ныхæстимæ рарвыста,
цы диссæгтæ бакæнын ын бафæдзæхста,
уый. 29Ацыдысты Моисей æмæ Аарон æмæ
æрæмбырд кодтой Израилы адæмы хистæр-
ты. 30Аарон сын рафæзмыдта, Дунедарæг
Моисейæн цыдæриддæр загъта, уыдæттæ.
Моисей сын диссæгтæ равдыста, 31æмæ бау-
уæндыдысты. Дунедарæг сæм кæй æркаст
æмæ сын сæ хъизæмæрттæ кæй федта, уый
куы фехъуыстой, уæд зæххыл ныддæлгом
сты æмæ Йын скад кодтой.

**5** Моисей æмæ Аарон бацыдысты фараонмæ
æмæ йын загътой: «Афтæ зæгъы Дунедарæг,
Израилы Хуыцау: „Мæ адæмы Мын рауадз,
æмæ Мын бæрæгбон скæной æдзæрæг бы-
дыры“». 2Фæлæ сын фараон загъта: «Чи у
уыцы Дунедарæг æмæ Йæм цæмæн хъуамæ
байхъусон? Æз Дунедарæджы нæ зонын æмæ
израилæгты нæ ауадздзынæн». 3Уыдон ын
загътой: «Дзуттæгты Хуыцау нæм æргом
рацыд. Æдзæрæг быдырмæ нæ ауадз æртæ
бонцауы æддæдæр, цæмæй Дунедарæгæн,
нæ Хуыцауæн, нывонд æрхæссæм, науæд
ныл йæ рын бафтаудзæн, йе та нæ карды
амæттаг бакæндзæн». 4Фæлæ сын Мысыры
паддзах загъта: «Уæ Моисей æмæ Аарон!
Адæмы кусын цæуылнæ уадзут? Цæугæут
уæхæдæг дæр кусынмæ!» 5Ноджы ма сын
загъта: «Уынут, куыд бирæ сты? Æмæ сы-
мах утæппæт адæмæн сæ куыстытæ уадзын
кæнут?»
6Уыцы бон фараон бафæдзæхста цæст-
дарджытæ æмæ бæрнылæгтæн: 7«Нырæй
фæстæмæ ацы адæмæн хъæмп мауал дæттут
самандуртæн. Сæхæдæг цæуæнт æмæ йæ
амал кæнæнт. 8Амайæн дуртæ та дарддæр
дæр, ныронг цас кодтой, уый бæрц кæнæнт.
Ма сын фæкъаддæр кæнут сæ куыст. Науæд
сыл зивæг бахæцыд æмæ хъæр самадтой,
цом æмæ нæ Хуыцауæн нывонд æрхæссæм,
зæгъгæ. 9Сæ куыст уæззаудæр куы уа, уæд
сæ дзæгъæл дзæнгæдамæ нал æвдæлдзæн!»
10Цæстдарджытæ æмæ хъахъхъæнджытæ
израилæгтæн загътой: «Фараон уын хъæмп
дæттын нал уадзы. 11Цæут æмæ йæ уæхæ-
дæг, кæмдæриддæр уæ фæнды, уым амал

кæнут. Уыимæ амайæн дуртæ та, ныронг
цас арæзтат, уый бæрц аразут».
12Адæм Мысыры алы къуымты ныххæлиу
сты æмæ хъæмпы бæсты кæрддзых æмбырд
кодтой. 13Уыимæ ма сæ цæстдарджытæ дæр
ноджы тынгдæр æрæлхъывтой, домдтой,
цæмæй самандуртæ алы бон дæр кæной,
ныронг цæттæ хъæмпимæ цас кодтой, уый
бæрц. 14Фараоны цæстдарджытæ та, Изра-
илы адæмы сæргъы кæй сæвæрдтой, уыцы
хъахъхъæнджыты надтой, цы ’мбæлы, уый
цæуылнæ кæнут, зæгъгæ, æмæ дзырдтой:
«Самандуртæ ныронджы бæрц куыд уа!»
15Израилаг бæрнылæгтæ фараонмæ сæ хъаст
бахастой: «Дæ цагъартæ куы стæм, уæд нæ
афтæ цæмæн æфхæрыс? 16Махæн, дæ ца-
гъартæн, хъæмп нал дæттынц, афтæмæй нæ
самандуртæ агурынц. Нæмынæй нæ ауæр-
дынц дæ цагъартыл. Стыр тæригъæд у уый
дæ адæмæн!» 17Фæлæ сын уый афтæ: «Зивæг
уыл бахæцыд, зивæг, æмæ уымæн дзурут,
цом æмæ Дунедарæгæн нывонд æрхæссæм,
зæгъгæ. 18Цæугæут кусынмæ. Хъæмп нал
фендзыстут, самандуртæ та кæнут, цас æм-
бæлы, уый бæрц».
19Израилаг бæрнылæгтæ куы фехъуыстой,
самандуртæ сæ раздæры бæрц домынц, уый,
уæд базыдтой сæ мæгуыры бон. 20Фараоны
къæсæрæй куы рахызтысты, уæд баздæх-
тысты Моисей æмæ Ааронмæ — уыдон сæм
æнхъæлмæ кастысты æдде — 21æмæ сын
загътой: «Дунедарæг уæм æркæсæд æмæ уын
Йæхæдæг тæрхонгæнæг фæуæд, фараон æмæ
нæ йæ дæлдæртæн кæй сæнæуынон кодтат,
уый тыххæй! Кард сын радтат сæ къухмæ,
цæмæй нæ амарой». 22«О Бардарæг! — сдзы-
нæзта Моисей Дунедарæгмæ. — Ацы адæмы
удхарæй цæмæн марыс? Ардæм мæ цæмæн
рарвыстай? 23Фараонмæ Дæ номæй куы ба-
цыдтæн æмæ йын Дæ фæндон куы загътон,
уæдæй фæстæмæ ноджы фыддæр митæ кæ-
ны Дæ адæмæн! Ды нæ фервæзын кодтай
Дæ адæмы!»

**6** Дунедарæг Моисейæн загъта: «Фендзынæ,
Æз фараонæн цытæ бакæндзынæн, уый. Мæ
къухы уæз ыл æруадздзынæн, æмæ уæд уый
ауадздзæнис израилæгты. Мæ хъомысджын
къухы бын сæ суанг сургæ дæр фæкæндзæни
йæ зæххæй».

2Хуыцау Моисейæн загъта: «Æз Дунедарæг
дæн! 3Авраåммæ, Исаакмæ æмæ Йаковмæ Æз
раргом дæн Æппæтхъомыс Хуыцауæй, фæлæ
сын, „Дунедарæг“, зæгъгæ, уыцы номимæ
Мæхи нæ раргом кодтон. 4Семæ сарæзтон
фидыд æмæ сын зæрдæ бавæрдтон, æрцæ-
уæггаг кæм уыдысты, уыцы Ханааны бæстæ
сын кæй ратдзынæн. 5Ныр Æз фехъуыстон,
израилæгтæ Мысыры æфсондзы бын куыд
дзыназынц, уый, æмæ Мæ зæрдыл æрлæу-
уыди Мæ фидыд. 6Мæ номæй зæгъ израи-
лæгтæн: „Æз — Дунедарæг, ракæндзынæн
уæ Мысыры æфсондзы бынæй, суæгъд уæ
кæндзынæн цагъары къæлæтæй. Ме стыр
хъомысы фæрцы уæ фервæзын кæндзы-
нæн, уе ’фхæрджыты та уын бафхæрдзынæн.
7Скæндзынæн уæ Мæ адæм æмæ уыдзынæн
уæ Хуыцау. Æмæ базондзыстут, Мысыры
æфсондзы бынæй уæ Æз — Дунедарæг, уæ
Хуыцау — кæй ракодтон, уый. 8Авраамæн,
Исаакæн æмæ Йаковæн зæрдæ кæмæй ба-
вæрдтон, уыцы зæхмæ уæ бакæндзынæн
æмæ уын æй ратдзынæн фыдæй-фыртмæйы
исбонæн. Æз — Дунедарæг!“»
9Моисей уыцы ныхæстæ израилæгтæн
рафæзмыдта, фæлæ йæм уыдон нæ байхъу-
ыстой — иуæй сæ тæппуды, иннæмæй та,
куыстæфхæрд кæй уыдысты, уый аххосæй.
10Дунедарæг загъта Моисейæн: 11«Бацу
фараонмæ, Мысыры паддзахмæ, æмæ йын
зæгъ, израилæгтæн дæ бæстæйæ ацæуыны
бар ратт». 12Моисей дзуапп радта Дунедарæ-
гæн: «Израилæгтæ мæм куы нæ хъусынц, уæд
мæм фараон куыд байхъусдзæн, дзурынмæ
куы нæ арæхсын, уæд?»
13Фæлæ Дунедарæг загъта Моисей æмæ
Ааронæн израилæгтæ æмæ фараоны, Мысы-
ры паддзахы тыххæй, цæмæй израилæгты
Мысырæй ракæной.
14Мæнæ Израилы хистæр хæдзарвæндæгты
фыдæлтæ. Израилы хистæр зæнæг Руви-
мы фырттæ: Ханох, Паллу, Хецрон, Карми.
Адонæй рацыдысты Рувимы артæй уæрст
мыггæгтæ.
15Симеоны фырттæ: Йемуел, Йамин, Охад,
Йахин, Цохар, Саул — ханаанаг хæрæфырт.
Адонæй рацыдысты Симоны артæй уæрст
мыггæгтæ.
16Мæнæ Левийы фырттæ куыд хистæрæй:
Гершон, Кехат, Мерари. Левий фæцарди сæдæ
æртын авд азы. 17Гершоны фырттæ: Ливни
æмæ Шими сæ байзæддæгтимæ. 18Кеха-
ты фырттæ: Амрам, Ицхар, Хеврон, Уззи-
ел. Кехат фæцарди сæдæ æртын æртæ азы.
19Мерарийы фырттæ: Махли æмæ Муши.
Уый — Левийы артæй уæрст мыггæгтæ ку-
ыд хистæрæй.
20Амрам ракуырдта йæ фыды хо Йохеве-
ды, æмæ йын уый ныййардта Аарон æмæ

Моисейы. Амрам фæцарди сæдæ æртын авд
азы. 21Ицхары фырттæ: Корах, Нефег, Зихри.
22Уззиелы фырттæ: Мишаел, Елцафан, Ситри.

23Аарон ракуырдта Аминадавы чызг Елишевайы, Нахшоны хойы. Уый йын ныййардта
Надавы, Авигуйы, Елеазары æмæ Итамары.
24Корахы фырттæ: Ассир, Елкана, Авиасаф.
Адонæй рацыдысты Корахы артæй уæрст
мыггæгтæ. 25Аароны фырт Елеазар ракуырдта Путиелы чызджытæй иуы, æмæ йын уый
ныййардта Пинхасы. Уый — Левийы артæй
уæрст мыггæгты хистæртæ.

26Аарон æмæ Моисей — уыдон та сты,
Дунедарæг афтæ кæмæн загъта: «Израилы
адæмы Мысыры зæххæй ракæнут — æфсады
иу къорд иннæйы фæдыл цæуæд». 27Аарон
æмæ Моисей дзырдтой фараонæн, Мысыры
паддзахæн, израилæгты Мысырæй ракæныны тыххæй.

28Дунедарæг Моисеимæ куы дзырдта Мысыры, уæд ын загъта: 29«Æз — Дунедарæг!
Цыдæриддæр дын зæгъын, уыдон рафæзм
фараонæн, Мысыры паддзахæн». 30Моисей
Йын дзуапп радта: «Дзурынмæ куы нæ арæхсын, уæд мæм куыд байхъусдзæни фараон?»

**7** Фæлæ Дунедарæг загъта Моисейæн: «Æз
афтæ бакæндзынæн, æмæ ды фараонæн
Хуыцау уыдзынæ, де 'фсымæр Аарон та дæ
пехуымпар уыдзæни. 2Ды-иу Ааронæн дзур,
Æз дын цы фæдзæхсон, уый, Аарон та фараонæн зæгъдзæн, цæмæй израилæгты рауадза Мысырæй. 3Æз фараоны зæрдæ афтæ
ныддур кæндзынæн, æмæ, Мысыры зæххыл
цасфæнды диссæгтæ æмæ æвдисæйнæгтæ куы равдисон, 4уæддæр уæм фараон нæ
байхъусдзæн. Æмæ уæд Æз Мысырыл Мæ
цонджы хъару бавзардзынæн. Мæ адæмы,
израилæгты æфсад, уырдыгæй ракæндзынæн фæд-фæдыл, Мысыры бæстæ та Мæ
азары хай бакæндзынæн. 5Израилæгты куы
ракæнон æмæ Мысырыл Мæ къухы уæз куы
æруадзон, уæд мысырæгтæ базондзысты,
Дунедарæг Чи у, уый».

6Моисей æмæ Аарон, Дунедарæг сын куыд
бафæдзæхста, афтæ бакодтой. 7Фараонимæ
куы ныхас кодтой, уæд Моисейыл цыди
цыппарыссæдз азы, Ааронæл та — æртæ
æмæ цыппарыссæдз.

8Дунедарæг загъта Моисей æмæ Ааронæн:
9«Фараон уæ, диссаг равдисут, зæгъгæ, куы
дома, уæд-иу Ааронæн йæ лæдзæг фараоны
раз аппарын кæн, æмæ лæдзæг калм фестдзæн». 10Моисей æмæ Аарон бацыдысты
фараонмæ æмæ, Дунедарæг сын куыд загъта,
афтæ бакодтой. Аарон йæ лæдзæг фараон
æмæ йæ дæлдæрты раз аппæрста, æмæ лæдзæг калм фестад. 11Уæд фараон фæсидти йæ
куырыхонтæм æмæ йæ кæлæнгæнджытæм,
æмæ Мысыры дæсныфæрсджытæ дæр хин
æмæ кæлæны руаджы афтæ бакодтой: 12алчи
сæ йæ лæдзæг аппæрста, æмæ лæдзджытæ кæлмытæ фестадысты. Фæлæ Аароны
лæдзæг иннæ лæдзджытæ аныхъуырдта!
13Уæддæр фараон нæ басаст æмæ нæ байхъуыста Моисей æмæ Ааронмæ, Дунедарæг
куыд дзырдта, афтæ.

14Дунедарæг Моисейæн загъта: «Хивæнд
у фараон. Нæ йæ фæнды Мæ адæмы рауадзын. 15Райсом сæумæйæ доны былмæ куы
рацæуа, уæд æм бацу, йæ разы Нилы былгæрон æрлæуу æмæ, калм дын-иу цы лæдзæг
фестад, уый дæ къухы дар, 16афтæмæй æмæ
фараонæн зæгъ, уымæ дæ кæй рарвыста
Дунедарæг, дзуттæгты Хуыцау, цæмæй йын
Йæ фæндон зæгъай: „Мæ адæмы Мын рауадз, æмæ Мæм бакувой æдзæрæг быдыры.
Нырмæ ды коммæ нæ кастæ, 17æмæ дын
афтæ зæгъы Дунедарæг: Уæдæ ныртæккæ
базондзынæ, Дунедарæг Чи у, уый. Мæ къухы
цы лæдзæг ис, уымæй æз мæнæ Нилы дон
æрцæвдзынæн, æмæ туг фестдзæни. 18Нилы
кæсæгтæ ныммæлдзысты, æмæ дон афтæ
сысмаг уыдзæн, æмæ мысырæгтæн нуазынæн нал бæздзæни“».

19Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста:
«Зæгъ Ааронæн, цæмæй йæ лæдзæгæй февзида Мысыры дæттæм — цæугæдæттæм, Нилы къабæзтæм, цадтæм, донуæттæм, — æмæ
туг фестой. Мысыры зæхх иууылдæр туджы
бын фæуыдзæн, туг уыдзæни суанг хъæдын
æмæ дурын мигæнæнты дæр».

20Моисей æмæ Аарон, Дунедарæг сын куыд
бафæдзæхста, афтæ бакодтой. Аарон систа
йæ лæдзæг æмæ дзы фараон æмæ йæ дæлдæрты цæстыты раз Нилы дон æрцавта. Дон
туг фестади. 21Нилы кæсæгтæ ныххæдмæл
сты, æмæ дон афтæ сысмаг ис, æмæ дзы мысырæгтæ нуазын нал фæрæзтой. Мысыры
зæхх иууылдæр туджы бын фæци. 22Фæлæ
Мысыры кæлæнгæнджытæн дæр сæ кæлæнты руаджы сæ бон афтæ бакæнын баци,
æмæ та уæд фараон ныддур кодта йæ зæрдæ
æмæ нæ байхъуыста Моисей æмæ Ааронмæ,
Дунедарæг куыд дзырдта, афтæ. 23Цы 'рцыд,
уый æппындæр ницæмæ æрдардта, афтæмæй аздæхт йæ галуанмæ. 24Мысырæгтæ
цæугæдоны былгæрætты цъайтæ къахын
байдыдтой, уымæн æмæ Нилы дон нуазынæн нал бæззыд.

25Дунедарæг Нилы дон туг куы фестын
кодта, ууыл рацыд авд боны.

**8** Дунедарæг загъта Моисейæн: «Фараон-
мæ бацу æмæ йын зæгъ, афтæ, дам, зæгъы
Дунедарæг: „Мæ адæмы Мын ауадз, æмæ
Мæм бакувой. 2Куынæ сæ ауадзай, уæд дын
дæ бæстæ ӕгасӕй дæр галхæфсыты бын
фæкæндзынæн. 3Нилы бæз-бæз кæндзысты,
донæй рахиздзысты æмæ дын дæ галуанмæ,
дæ уатмæ бабырдзысты, дæ сынтæгмæ дын
схиздзысты. Дæ дæлдæртæ æмæ æппæт адæ-
мы хæдзæртты, уæ пецтæ æмæ уæ хыссæйы
арынгты байдзаг уыдзысты. 4Галхæфсытæй
акъахдзæфгæнæн нал уыдзæн дæхицæн
дæр, дæ адæмæн дæр, дæ дæлдæртæн дæр“».
5Дунедарæг загъта Моисейæн: «Зæгъ Аа-
ронæн, цæмæй йæ лæдзæгæй февзида цæу-
гæдæттæм, Нилы къабæзтæм æмæ цадтæм
æмæ галхæфсыты Мысыры зæхмæ рахизын
кæна». 6Аарон Мысыры дæттæм февзыста,
галхæфсытæ сурмæ рабырыдысты æмæ Мы-
сыры зæхх ӕгасӕй дæр æрæмбæрзтой. 7Уæд
Мысыры кæлæнгæнджытæ дæр сæ кæлæнты
руаджы Мысыры зæхх галхæфсытæй бай-
дзаг кодтой.
8Фараон Моисей æмæ Ааронмæ басидт
æмæ сын загъта: «Дунедарæгæн балæгъстæ
кæнут, цæмæй мын мæхи æмæ мæ адæмы
ацы галхæфсытæй фервæзын кæна. Уæд
израилæгты ауадздзынæн Дунедарæгæн
нывæндтæ æрхæссынмæ». 9Моисей дзуапп
радта фараонæн: «Æз кувдзынæн дæу тых-
хæй, дæ дæлдæртæ æмæ дæ адæмы тыххæй,
фæлæ снысан кæн, уæхæдæг дæр æмæ уæ хæ-
дзæрттæ дæр цы рæстæгмæ хъуамæ ссыгъ-
дæг уой, уый. Галхæфсытæ ма баззайдзæн
æрмæстдæр Нилы». 10«Райсоммæ!» — загъта
фараон. «Куыддæриддæр загътай, афтæ уы-
дзæн, — дзуапп ын радта Моисей. — Цæмæй
базонай, Дунедарæгæн, нæ Хуыцауæн, æм-
бал кæй нæй, уый. 11Галхæфсытæй ирвæзт
уыдзынæ ды дæр, дæ галуан дæр, дæ дæл-
дæртæ дæр æмæ дæ адæм дæр. Уыдзысты
ма æрмæстдæр Нилы».
12Моисей æмæ Аарон куы рацыдысты фа-
раонæй, уæд Моисей Дунедарæгмæ скуывта,
цæмæй, фараоны цы галхæфсыты ахæсты
фæкодта, уыдоны фесафа. 13Дунедарæг Мо-
исейы курдиат сæххæст кодта: галхæфсытæ
ныххæдмæл сты хæдзæртты, кæртыты æмæ
быдырты. 14Хæфсыты мæрдтæй кæритæ
амадтой, æмæ се смагæй бæстæ байдзаг ис.
15Фæлæ фараон куы федта, фыдбылызæй
фервæзти, уый, уæд йæ зæрдæ ныддур кодта
æмæ та, Дунедарæг сын куыд дзырдта, афтæ
нæ байхъуыста Моисей æмæ Ааронмæ.
16Дунедарæг загъта Моисейæн: «Ааронæн
зæгъ, цæмæй йæ лæдзæгæй зæххы рыг æр-
цæва, æмæ, Мысыры зæххыл цыдæриддæр
рыг ис, уый саск феста».
17Æмæ афтæ бакодтой: Аарон йæ лæдзæ-
гæй февзыста, зæххы рыг дзы æрцавта, æмæ
адæм æмæ фос сасчыты бынæй нал зын-
дысты. Сасчытæ фестади, Мысыры зæххыл
цыдæриддæр рыг уыдис, уый. 18Кæлæнгæн-
джытæ дæр бæргæ архайдтой сæ кæлæнты
руаджы дунейы рухсмæ сасчытæ рауадзын,
фæлæ сын дзы ницы рауад. Адæм дæр æмæ
фос дæр сасчыты бын фесты. 19Кæлæнгæн-
джытæ фараонæн загътой: «Уый Хуыцау
саразта».
Фæлæ та фараон уæддæр нæ басаст. Дуне-
дарæг куыд дзырдта, афтæ рауади.
20Дунедарæг Моисейæн загъта: «Райсом-
иу раджы сыст. Фараон доны былмæ куы
рацæуа, уæд æм баздæх, Дунедарæг, дам,
зæгъы: „Мæ адæмы Мын рауадз, æмæ Мæм
бакувой. 21Нæ сæ рауагътай, зæгъгæ, уæд
уæм дзынгайы азар кæсы — дæхимæ дæр,
дæ дæлдæртæм дæр, дæ адæммæ дæр æмæ
дæ галуанмæ дæр. Æппæт мысырæгты хæ-
дзæрттæ æмæ суанг уæ къæхты бын зæхх
дæр бæз-бæз кæндзысты дзынгатæй. 22Мæ
адæм кæм цæрынц, уыцы Гошены зæхх та
бахиздзынæн фыдбылызæй — уым нæ уы-
дзæнис дзынгатæ, цæмæй ды зонай: Æз,
Дунедарæг, ацы зæххыл дæн. 23Мæ адæмы
Æз бахиздзынæн фыдбылызæй, дæ адæмы
та — нæ. Ацы хабар æрцæудзæни райсом“».
24Дунедарæг, куыд загъта, афтæ бакодта.
Фараоны галуан, йæ дæлдæрты хæдзæрттæ
æмæ Мысыры æппæт зæхх бæз-бæз кодтой
дзынгатæй. Сæфтмæ сæ æрцыди бæстæ.
25Уæд фараон фæсидти Моисей æмæ Аа-
ронмæ æмæ сын загъта: «Цæут æмæ уæ Ху-
ыцауæн мах зæххыл æрхæссут нывæндтæ».
26Моисей йын дзуапп радта: «Уымæн гæнæн
нæй. Дунедарæгæн, нæ Хуыцауæн, цы ны-
вонд æрхæссинаг стæм, уый мысырæгтæ
банымайдзысты æлгъагыл. Уыдоны цæс-
тыты раз куы æрхæссæм нæ нывонд, уæд
нæ дурты бын фæкæндзысты. 27Мах хъуамæ
æртæ бонцауы бæрц фæцæуæм æдзæрæг бы-
дыры æмæ уыцы ран æрхæссæм нывæндтæ
Дунедарæгæн, нæ Хуыцауæн, — Уый нын Йæ-
хæдæг куыд зæгъа, афтæ». 28Фараон загъта:
«Æз уæ уадзын Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн,
æдзæрæг быдыры нывæндтæ æрхæссынмæ,
æцæг дард ма ацæут. Скувут-иу Æм мæн

тыххæй дæр!» 29Моисей йын дзуапп радта:
«Дæ разæй куыддæр рацæуон, афтæ скув-
дзынæн Дунедарæгмæ, æмæ тæккæ райсом
фервæздзыстут дзынгатæй — дæхæдæг дæр,
дæ дæлдæртæ дæр æмæ дæ адæм дæр. Æр-
мæст нæ мауал асайæд фараон, ауадзæд нæ
Дунедарæгæн нывæндтæ æрхæссынмæ».
30Моисей рацыди фараонæй æмæ Дунеда-
рæгмæ скуывта. 31Дунедарæг айста Моисейы
куывд: фервæзын кодта дзынгатæй фараоны,
йæ дæлдæрты æмæ йæ адæмы. Иу дзынга
дæр нал баззади Мысыры. 32Фæлæ та фараон
ацы хатт дæр ныддур кодта йæ зæрдæ — нæ
та ауагъта израилæгты.

**9** Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста:
«Фараонмæ бацу æмæ йын зæгъ, афтæ зæ-
гъы Дунедарæг, дзуттæгты Хуыцау: „Ауадз
Мын Мæ адæмы, æмæ Мæм бакувой. 2Куы-
нæ сæ ауадзай, куы та сæ бауромай, 3уæд
Дунедарæг Йæ къух сисдзæни, быдырты
дын цыдæриддæр фос ис, уымæ — бæхтæм,
хæрджытæм, теуатæм, стуртæм, сæгътæм
æмæ фыстæм: карз емынæ сыл сыстдзæн!
4Дунедарæг бахиздзæн израилæгты фосы,
мысырæгты фосыл та нæ бацауæрддзæн. Из-
раилæгты фосæй иу дæр нæ фæхъæудзæн“».
5Ацы æфхæрдæн Дунедарæг æмгъуыд дæр
скодта: «Райсом Дунедарæг афтæ бакæндзæн
æппæт бæстæйы!»
6Дыккаг бон Дунедарæг, куыд загъта, афтæ
бакодта: Мысыры фос иууылдæр фæцагъды
сты, израилæгты фосæй та иу дæр нæ фæ-
хъуыди. 7Фараон арвыста бæрæг базонынмæ,
æмæ, æцæгдæр, израилæгты фосæй иу дæр
нæ фæхъуыд. Фæлæ та уæддæр фараон нæ
састи: нæ уагъта израилæгты.
8Дунедарæг загъта Моисей æмæ Ааронæн:
«Пецы хуылфæй фæйнæ армыдзаджы фæнык
райсут, æмæ йæ Моисей, фараон æй куыд
уына, афтæмæй арвмæ фехсæд, 9æгас Мы-
сыры сæрты куыд ахæлиу уа. Уæд адæмæн
дæр æмæ фосæн дæр сæ буар хæфдзæстытæ
фестдзæн». 10Моисей æмæ Аарон фæйнæ
армыдзаджы фæнык райстой пецæй æмæ
фараоны раз æрлæууыдысты. Моисей фæнык
арвмæ фехста, æмæ адæмæн дæр æмæ фо-
сæн дæр сæ буар хæфдзæстытæй нал зынди.
11Кæлæнгæнджыты бон нал уыд Моисеимæ
сæ тых æвзарын: уыдоны буар дæр, иннæ
мысырæгтау, хæфдзæстытæ фестад. 12Фæлæ
Дунедарæджы фæндæй ныддур ис фарао-
ны зæрдæ, æмæ та уæддæр нæ байхъуыста
Моисей æмæ Ааронмæ, Дунедарæг куыд
дзырдта, афтæ.
13Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста,
цæмæй райсом раджы фараонмæ бацæуа
æмæ йын зæгъа: «Афтæ зæгъы Дунедарæг,
дзуттæгты Хуыцау: Мæ адæмы Мын ауадз,
æмæ Мæм бакувой. 14Ацы хатт дæ ноджы
тынгдæр бафхæрдзынæн — дæхи дæр, дæ
дæлдæрты дæр æмæ дæ адæмы дæр, æмæ
уæд базондзынæ, зæххыл Мæнæн æмбал
кæй нæй, уый. 15Мæ къух дæм куы систаин
æмæ дын дæхиуыл дæр æмæ дæ адæмыл
дæр емынæ куы сыстын кодтаин, уæд зæх-
хы цъарыл дæ кой дæр нал уаид. 16Фæлæ дæ
удæгасæй ныууагътон, цæмæй дын равдисон
Мæ хъомыс, цæмæй Мæ ном айхъуыса æп-
пæт зæххы цъарыл. 17Ацы бон дæр ма Мын
ды Мæ адæмыл дæ хъал калыс, дæ фæсонæр-
хæджы дæр нæй сæ рауадзын. 18Фæлæ йæ
зон, райсом, тæккæ ацафон, Æз Мысырыл,
йæ равзæрынæй нырмæ кæй нæма федта,
ахæм ихуард рауадздзынæн. 19Батæр дæ фос
сæрæмбæрзт бынæттæм, быгъдæг арвы бын
дын цыдæриддæр ис, уыдон ауæоны бафс-
най. Уымæн æмæ дын цыдæриддæр быдыры
баззайа — адæмæй, фосæй — ихы амæттаг
бауыдзысты, иу дæр сæ нæ аирвæздзæн».
20Фараоны дæлдæртæй Дунедарæджы
ныхасæй чи фæтарст, уыдон агъуысты ба-
ауæон кодтой сæ цагъарты æмæ сæ фос. 21Йæ
ныхас Ын чи ницæмæ æрдардта, уыдон та сæ
цагъарты дæр æмæ сæ фос дæр ныууагътой
гом арвы бын.
22Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста:
«Арвмæ сдар дæ къухтæ, æмæ æгас Мысы-
ры зæххыл их æрцæудзæн. Их ныххойдзæн
адæмы дæр, фосы дæр, зайæгойты дæр».
23Моисей йæ лæдзæг арвмæ сарæзта, æмæ
Дунедарæг зæххыл арвы нæрын, ихуард æмæ
æрвдзæхæр рауагъта. Дунедарæг их æрцæ-
уын кодта Мысыры æппæт зæххыл дæр. 24Их
йæ уарынæй не 'нцад, арвы судзгæ фæттæ йе
'хсæнты цæхæртæ калдтой. Ахæм æбуалгъ
ихуард цæрынæй-хæрынмæ никуыма фед-
той Мысыры цæрджытæ. 25Мысыры зæххыл
гом арвы бын цыдæриддæр баззад, — адæй-
магæй, фосæй, зайæгойæ, — иууылдæр сæ их
ныххоста. Суанг ма бæлæстæ дæр ныссаста.
26Ихуард нæ уыдис æрмæстдæр Гошены зæх-
хыл — уым израилæгтæ цардысты.
27Фараон фæдзурын кодта Моисей æмæ
Ааронмæ, æмæ сын загъта: «Тæригъæд-
джын дæн æз. Дунедарæг раст у, æз æмæ
мæ адæм та зылынджын стæм. 28Балæгъыс-
тæ кæнут Дунедарæгæн, æмæ кæрон уа Йæ
æрвнæрд æмæ Йæ ихæн. Æз уæ уадзын, нал
уæ бауромдзынæн».

29Моисей йын загъта: «Куыддæр сахары
æдде фæуон, афтæ мæ къухтæ Дунедарæг-
мæ сдардзынæн, æмæ налдæр арвы нæрд
уыдзæн, налдæр — ихуард. Уый, цæмæй ды
зонай, зæххæн йæ хицау Дунедарæг кæй у.
30Фæлæ, куыд уынын, афтæмæй ды дæр æмæ
дæ дæлдæртæ дæр Дунедарæг Хуыцауæй
уæддæр нæма тæрсут».
31(Гæн æмæ хъæбæрхор ихдзагъд фесты,
уымæн æмæ хъæбæрхор йæ тæккæ æфсир
æфтаугæйæ уыд, гæн — дидинæг калгæйæ.
32Мæнæу æмæ нæлмæнæуæн ницы уыд —
уыдон фæстæдæр байтауынц.)
33Моисей фараоны галуанæй рацыд. Саха-
ры æдде йæ къухтæ Дунедарæгмæ сдардта,
æмæ банцадысты арвы нæрд æмæ ихуард,
арвæй æртах дæр нал æрхауд. 34Фараон куы
федта, къæвда, арвы нæрын æмæ их банца-
дысты, уæд та йæ раздæры митыл схæцыд:
йæ дæлдæртимæ сæ зæрдæтæ ныддур код-
той. 35Дунедарæг Моисейæн куыд дзырдта,
афтæ та йæ хивæнд зæрдæйы уаг равдыста
фараон æмæ израилæгты нæ ауагъта.

**10** Дунедарæг Моисейæн загъта: «Бацу
фараонмæ. Мæ фæндæй фараон æмæ йæ
дæлдæрты зæрдæтæ ныддур сты. Æз сын
афтæ уымæн бакодтон, цæмæй сыл Мæ дис-
сæгтæ бавзарон. 2Цæмæй дзурат уæ фырттæ
æмæ уыдоны фырттæн, Æз Мысырæн цы-
тæ бакодтон, цы диссæгтæ дзы равдыстон,
уый. Цæмæй зонат, Дунедарæг Чи у, уый».
3Моисей æмæ Аарон бацыдысты фараонмæ
æмæ йын загътой: «Афтæ зæгъы Дунеда-
рæг, дзуттæгты Хуыцау: „Бирæ ма Мын нæ
уисæн кæндзынæ? Ауадз Мын Мæ адæмы,
æмæ Мæм бакувой. 4Куынæ сæ ауадзай, уæд
дын тæккæ райсом дæ бæстæ мæтыхты хай
бакæндзынæн. 5Уый бæрц уыдзысты, æмæ
æрæмбæрздзысты зæххы уæлцъар, зæхх сæ
бынæй зынгæ дæр нал кæндзæн. Ихуарды
фæстæ ма йыл зайæгойæ цы аззад, уыдонæй
ницыуал фæуадздзысты, уæ бæлæстæ дæр
ма уын ахсындзысты. 6Мæтыхтæй байдзаг
уыдзысты дæ галуан, дæ дæлдæртæ æмæ
æппæт мысырæгты хæдзæрттæ. Уæ фыдæл-
тæ ацы зæххыл куы æрцардысты, уæдæй
нырмæ ахæм бæллæх никуыма фендæуыд“».
Моисей йæ ныхас фæцис æмæ фараоны гал-
уанæй рацыд.
7Фараонæн йæ дæлдæртæ загътой: «Ацы
лæг ма нæ бирæ тухæнæй мардзæн? Ауадз
сæ, æмæ скувой Дунедарæгмæ, сæ Хуыцаумæ.
Ау, Мысыр сæфтмæ кæй æрцыд, уый нæ уы-
ныс?» 8Уæд Моисей æмæ Аароны фæстæмæ
раздæхтой, æмæ сын фараон загъта: «Ацæут
æмæ бакувут Дунедарæгмæ, уæ Хуыцау-
мæ. Чи уæ ацæудзæн?» 9Моисей йын дзу-
апп радта: «Не ’ппæт дæр — стырæй, чы-
сылæй — ацæудзыстæм, нæ фырттæ æмæ
нæ чызджытимæ, нæ лыстæг фос æмæ не
стуртимæ. Афтæ ’мбæлы, уымæн æмæ уый
махæн Дунедарæджы бæрæгбон у». 10Фа-
раон загъта: «Æз сымах уæ сабитимæ ку-
ыд ауадздзынæн, афтæ уæ Дунедарæг дæр
хъахъхъæнæд! Бæлвырд, цыдæр фыдвæнд
скодтат! 11Фæлæ уын дзы ницы рауайдзæн.
Ацæуæнт æрмæст уæ нæлгоймæгтæ æмæ
бакувæнт Дунедарæгмæ. Уый тыххæй мæм
нæ хатыдыстут?» Æмæ Моисей æмæ Аароны
феддæдуар кодтой.
12Дунедарæг Моисейæн загъта: «Дæ къу-
хæй февзид Мысыры зæхмæ, æмæ йыл мæ-
тыхтæ ныццæвдзысты сæхи, бахæрдзысты,
ихы фæстæ ма йыл цы зайæгойтæ аззад,
уыдон». 13Моисей йæ лæдзæгæй февзыста
Мысыры зæхмæ, æмæ йыл Дунедарæг скæ-
сæйнаг дымгæ рауагъта. Дымгæ æгас бон
æмæ æгас æхсæв фæдымдта, æмæ райсомæй
скæсæнæй йемæ мæтыхтæ æрбахаста. 14Мæ-
тыхтæ сæхи андзæрстой Мысыры зæххыл
æмæ бæстæ æнæхъæнæй бацахстой. Уый
бæрц мæтыхтæ уæды онг дæр нæ фендæуыд
æмæ уæдæй фæстæмæ дæр нæ фендæуы-
дзæн. 15Æрæмбæрзтой æгас зæххы уæлцъар,
сау хæрв ыл æрæвæрдтой. Бахордтой, их
кæй нæ бахъыгдардта, уыцы зайæгойтæ
æмæ дыргътæ. Иунæг цъæх тихалæг нал
фæуагътой Мысыры зæххыл, иунæг цъæх
сыфтæр — бæлæстыл.
16Фараон тагъд фæдзурын кодта Моисей
æмæ Ааронмæ æмæ сын загъта: «Азымджын
дæн Дунедарæджы, уæ Хуыцауы раз æмæ
сымах раз. 17Ныббарут-ма мын ацы хатт
æмæ балæгъстæ кæнут Дунедарæгæн, уæ
Хуыцауæн, цæмæй нæ ацы бæллæхæй фер-
вæзын кæна».
18Моисей рацыди фараоны галуанæй æмæ
скуывта Дунедарæгмæ. 19Дунедарæг ныгуы-
лæнæрдыгæй рауагъта уаддымгæ. Уаддымгæ
мæтыхты фелвæста æмæ сæ Сырх денджызы
баппæрста. Иу дæр сæ нал аззад Мысыры
зæххыл. 20Фæлæ Дунедарæджы фæндæй
ныддур ис фараоны зæрдæ, æмæ та нæ ра-
уагъта израилæгты.
21Дунедарæг Моисейæн загъта: «Арвмæ
дæ къухтæ сдар, æмæ Мысыры бæстæ ахæм
саударлынджы аныгъуылдзæн, æмæ адæм,
уырзæй сгаргæ, куырмæджы цæудзысты».
22Моисей йæ къухтæ сдардта арвмæ, æмæ

Мысыры ӕртӕ боны хуры цӕст нал разынд.
[23]Мысырӕгтӕ нӕ уыдтой кӕрӕдзи, ӕр-
тӕ боны дӕргъы сӕ хӕдзӕрттӕй ӕддӕмӕ
дӕр нӕ рацыдысты. Ӕрмӕст, израилӕгтӕ
кӕм цардысты, уым уыди рухс. [24]Фараон
Моисеймӕ басидт ӕмӕ йын афтӕ: «Ацӕут
ӕмӕ Дунедарӕгмӕ бакувут. Уӕ сабитӕ дӕр
ацӕуӕнт уемӕ, фӕлӕ уӕ лыстӕг фос ӕмӕ
уе стуртӕ ам уадзут». [25]Моисей йын загъта:
«Нӕ фос нын немӕ куынӕ рауадзай, уӕд
куыд ӕрхӕсдзыстӕм мах Дунедарӕгӕн, нӕ
Хуыцауӕн, нывӕндтӕ ӕмӕ иууылсудзинӕг-
тӕ? [26]Нӕ фос иу сӕры онг иууылдӕр хъуа-
мӕ немӕ уой. Уыдонӕй хъуамӕ равзарӕм
нывондӕгтӕ Дунедарӕгӕн, нӕ Хуыцауӕн.
Цалынмӕ бынатыл сӕмбӕлӕм, уӕдмӕ та йӕ
нӕ зонӕм, нывондӕн дзы кӕцы ӕрхӕссын
ӕмбӕлы, уый».
[27]Фӕлӕ Дунедарӕджы фӕндӕй ныддур
ис фараоны зӕрдӕ, ӕмӕ та йӕ нӕ бафӕн-
дыд адӕмы ауадзын. [28]Моисейӕн загъта:
«Цӕугӕ ардыгӕй ӕмӕ ме 'мгӕрон дӕр мауал
фӕзын! Куыддӕр ма дӕ фенон — амӕлдзы-
нӕ». [29]Моисей йын загъта: «Куыддӕриддӕр
загътай, афтӕ уыдзӕн. Амӕй фӕстӕмӕ дӕ
нал фендзынӕн».

**11** Дунедарӕг Моисейӕн загъта: «Ног бӕл-
лӕх бафтаудзынӕн фараон ӕмӕ мысырӕг-
тыл, ӕмӕ уӕ уый фӕстӕ фараон ауадздзӕн
ардыгӕй. Уыимӕ уӕ хуымӕтӕджы уагъд
нӕ ракӕндзӕн, фӕлӕ уӕ асурдзӕн ӕвӕс-
тиатӕй. [2]Адӕмӕн сӕ хъусы бацӕгъд, алы
нӕлгоймаг дӕр уӕ, зӕгъ, йӕ сыхаг мысыраг
нӕлгоймагӕй, алы сылгоймаг та йӕ сыхаг
мысыраг сылгоймагӕй, ракурӕд ӕвзист
ӕмӕ сыгъзӕрин дзауматӕ».
[3]Дунедарӕджы фӕндонӕй мысырӕгтӕ
израилӕгтӕм ракастысты хӕлар цӕстӕй.
Уӕдӕ Моисейӕн та стыр кад уыдис фара-
оны дӕлдӕртӕ ӕмӕ Мысыры хуымӕтӕг
адӕмы 'хсӕн.
[4]Моисей загъта: «Афтӕ зӕгъы Дунеда-
рӕг: „Ӕмбисӕхсӕв Ӕз ацӕудзынӕн Мысы-
ры астӕуты, [5]ӕмӕ Мысыры бӕстӕйы алы
фыццаг зӕнӕг ӕрбамӕлдзӕн — паддзахы
бадӕны бадӕг фараоны хистӕр фырт дӕр,
ӕрмгуыройӕ хор чи ссы, уыцы цагъар сыл-
гоймаджы хистӕр фырт дӕр ӕмӕ ӕппӕт
фосы фыццаг зӕйц дӕр. [6]Мысыры бӕстӕ
ныццараудзысты, уый размӕ дӕр кӕй никуы
фехъуыстӕуыд ӕмӕ уый фӕстӕ дӕр кӕй
никуы фехъуыстӕуыдзӕн, ахӕм судзаггаг
хъарджытӕ. [7]Израилӕгтыл та куыдз дӕр
не срӕйдзӕн — нӕдӕр сӕхиуыл, нӕдӕр
сӕ фосыл. Уый, цӕмӕй зонат, Дунедарӕг
израилӕгтӕм, мысырӕгтӕй хъауджыдӕр,
хъулон цӕстӕй кӕй кӕсы, уый“.
[8]Дӕ дӕлдӕртӕ мӕм ӕрбацӕудзысты, мӕ
разы ӕрзоныг кӕндзысты ӕмӕ мын зӕгъ-
дзысты, ацу ардыгӕй, сӕ сӕргъы кӕмӕн
лӕууыс, уыцы адӕимимӕ. Ӕмӕ уӕд ацӕу-
дзыстӕм мах ардыгӕй». Уыцы ныхӕсты
фӕстӕ Моисей, мӕстӕй судзгӕ, рацыди
фараоны галуанӕй.
[9]Дунедарӕг загъта Моисейӕн: «Фараон
уӕм нӕ хъусы: цӕмӕй Мысыры зӕххыл но-
джы фӕфылдӕр уой Мӕ диссӕгтӕ, уый тых-
хӕй афтӕ хъӕуы». [10]Бирӕ диссӕгтӕ фенын
кодтой фараонӕн Моисей ӕмӕ Аарон, фӕлӕ
Дунедарӕджы фӕндӕй уый уӕддӕр нӕ сас-
ти ӕмӕ нӕ уагъта израилӕгты Мысырӕй.

**12** Мысыры ма куы уыдысты Моисей ӕмӕ
Аарон, уӕд сын Дунедарӕг загъта: [2]«Ацы
мӕй уын хъуамӕ афӕдзы фыццаг мӕйыл
нымад уа. [3]Израилы дзыллӕйӕн фехъусын
кӕнут, йӕ дӕсӕм бон уӕ алы хӕдзар дӕр йӕ
лыстӕг фосӕй иу уӕрыкк рахицӕн кӕнӕд,
зӕгъгӕ. [4]Гыццыл бинонтӕ куы уой ӕмӕ
сын уӕрыкк иу хӕрдӕн бирӕ куы уа, уӕд-иу
ӕй ӕввахсдӕр сыхагимӕ иумӕ бахӕрӕнт.
Цал лӕджы фаг суыдзӕн, уый-иу сбӕрӕг
кӕнӕнт. [5]Уӕрыкк хъуамӕ уа ӕнӕсахъат,
нӕл, афӕдздзыд. Уӕрыччы бӕсты райсӕн
ис сӕныкк. [6]Банхъӕлмӕ-иу кӕсут мӕйы
цыппӕрдӕсӕм бонмӕ ӕмӕ-иу ӕй изӕр-
далынгты аргӕвдут: Израилы дзыллӕйӕ
алкӕмӕн дӕр афтӕ гӕнгӕ у. [7]Райсут-иу ын
йӕ тугӕй ӕмӕ дзы айсӕрдут, цы хӕдзӕрт-
ты йӕ хӕрдзыстут, уыдонӕн сӕ дуӕртты
тарвӕзтӕ ӕмӕ уӕлкъӕсӕртӕ. [8]Дзидза иу-
уылдӕр тӕккӕ уыцы ӕхсӕв хъуамӕ хӕрд
ӕрцӕуа, хӕрын ӕй хъӕуы физонӕгфыхӕй,
донгонд дзултӕ ӕмӕ маст кӕрдӕджытимӕ.
[9]Ӕрдӕгфых кӕнӕ йӕ доны фыхӕй ма хӕрут,
кусарт-иу ӕнӕхъӕнӕй — ӕд сӕр, ӕд къӕхтӕ,
ӕд хуылфыдзаумӕттӕ — арты сӕрмӕ сфи-
зонӕг кӕнут. [10]Райсоммӕ-иу дзы мацыуал
ныууадзут, цы дзы нӕ бахӕрат, уый арты
басудзут. [11]Хӕрут ронбастӕй, уӕ къахыда-
рӕс — уӕ къӕхтыл, уӕ лӕдзджытӕ — уӕ
къухы, афтӕмӕй. Хӕрут-иу тагъд-тагъд —
уый Дунедарӕджы Куадзӕн у.
[12]Уыцы ӕхсӕв Ӕз Мысыры астӕуты ацӕу-
дзынӕн ӕмӕ йын фӕмард кӕндзынӕн йӕ
хистӕр фыртты дӕр ӕмӕ йӕ фосы сӕртӕ
дӕр. Уый уыдзӕн Мӕ тӕрхон Мысыры ӕп-
пӕт хуыцӕуттӕн. Ӕз — Дунедарӕг! [13]Сы-
махӕн та уӕ хӕдзӕрттӕ тугӕй нысангонд

уыдзысты æмæ, уый фенгæйæ, уæ иувæрсты
ацæудзынæн. Æз Мысыры зæхх ахъаззаг
æрцæвдзынæн, фæлæ сымахæн æппындæр
ницы уыдзæн. 14Уыцы бон уын мысæн бонæй
баззайæд æмæ йæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ
бæрæг кæнут Дунедарæджы кадæн. Уый
уын — мыггагмæйы æгъдау.
15Авд боны дæргъы хъуамæ хæрат дон-
гонд дзултæ. Фыццаг бонæй фæстæмæ уæ
хæдзæртты æнхъизæн куыннæ уа, афтæ
бакæнут. Уыцы авд боны дæргъы æнхъизæн-
джын дзулæй чи фæхъæстæ уа, уый Израилы
адæмæй фæхъæудзæн.
16Фыццаг бон банымайут уазыл, æвдæм
бон дæр нымад æрцæуæд уазыл. Уæхицæн
хæринаг скæнынæй дарддæр хъуамæ мацы
кусат уыцы бонты.
17Алы аз дæр кæнут Донгонд дзулты бæ-
рæгбон, уымæн æмæ уæ, æфсадау, рæнхъгай
слæууын кæнгæйæ, Æз уыцы бон ракодтон
Мысырæй. Уыцы бон бæрæг кæнут фæлтæ-
рæй-фæлтæрмæ. Уый уын — мыггагмæйы
æгъдау. 18Фыццаг мæйæн йæ цыппæрдæ-
сæм бон изæрæй йæ дыууын фыццæгæм
боны изæрмæ хъуамæ æрмæстдæр донгонд
дзултæ хæрат. 19Авд боны дæргъы уæ хæ-
дзæртты æнхъизæнæн йæ кой дæр ма уæд.
Æнхъизæнæй конд дзул чи бахæра, фæнды
æрцæуæггаг уæд, фæнды израилаг — Изра-
илы адæмæй фæхъæудзæн. 20Кæмфæнды
куы цæрат, уæддæр уыцы бонты æнхъызт
хыссæйы хъæстæ ма фæкæнут уæхи — хæ-
рут-иу донгонд дзултæ».
21Моисей басидт Израилы адæмы хистæр-
тæм æмæ сын загъта: «Алы бинонтæ дæр
сæ лыстæг фосæй равзарæнт фыркъа кæнæ
цæукъа æмæ акæнут Куадзæны кусæрт-
тæ. 22Стæй-иу райсут иссопы баст, стулут
æй, мигæнæны цы туг уа, уым æмæ дзы
бапырх кæнут уæлкъæсæр æмæ дуары дыу-
уæ тарвазы. Райсоммæ уæ йæ къæсæрæй
æддæмæ мачи рахизæд. 23Дунедарæг Мысы-
рыл Йæ азар бафтауынмæ куы рацæуа æмæ
уын уæ уæлкъæсæртæ æмæ уæ тæрвæзтыл
туг куы фена, уæд мæлæтхæссæг зæды нæ
бауадздзæн уæ хæдзæрттæм бацæуын, цæ-
мæй уæ ма амара.
24Ацы уагæвæрд мыггагмæйы æгъдау уæд
сымахæн дæр æмæ уæ байзæддагæн дæр.
25Дунедарæг уын зæрдæ цы зæххæй бавæрд-
та, уырдæм куы бацæуат, уæд-иу æй æххæст
кæнут. 26Уæ цот уæ куы фæрсой, уый цы æгъ-
дау у, зæгъгæ, 27уæд-иу сын зæгъут: „Уый Ду-
недарæгæн у Куадзæны нывонд. Дунедарæг
мысырæгты куы цагъта, уæд израилæгты
хæдзæрттæн сæ иувæрсты рацыд æмæ нын
нæ бинонты фыдбылызæй бахызта“».
Израилæгтæ Дунедарæджы раз æрзоныг
кодтой æмæ Йæм скуывтой. 28Уый фæстæ
ацыдысты æмæ, Дунедарæг Моисей æмæ
Ааронæн куыддæриддæр бафæдзæхста, аф-
тæ бакодтой.
29Дунедарæг æмбисæхсæв ныццагъта
Мысыры фыццаг цæуæт: цагъды фесты,
паддзахы бадæны чи бады, уыцы фараоны
хистæр фырт дæр, ахæстоны чи бады, уыцы
уацайраджы хистæр фырт дæр, фосы фыццаг
нæл зæйц дæр. 30Уыцы æхсæв фараон, йæ
дæлдæртæ æмæ Мысыры адæм иууылдæр
удаистæй фестадысты сæ хуыссæнтæй, зæр-
дæхалæн хъарæг æмæ судзаджы æрдиагæй
байдзаг ис Мысыры бæстæ — алы хæдзары
дæр уыди зиан.
31Раст уыцы æхсæв фараон фæсидти Мои-
сей æмæ Ааронмæ æмæ сын загъта: «Сыстут
мæ адæмы ’хсæнæй, сымах дæр æмæ израи-
лæгтæ дæр, æмæ, куыд дзырдтат, афтæ цæут
æмæ Дунедарæгæн бакувут. 32Уæ лыстæг фос
æмæ стурты дæр, куыд дзырдтат, афтæ уæ
разæй атæрут æмæ Дзы Йæ хорзæх мæнæн
дæр ракурут».
33Мысырæгтæ израилæгты тагъд кодтой;
æвæстиатæй сæ фæндаг куыд дарой, ууыл
архайдтой, науæд иууылдæр цагъды фæуы-
дзыстæм, зæгъгæ. 34Цы гæнæн ма уыд изра-
илæгтæн, хыссæ нæма сæнхъызт, афтæмæй
алчи йæ хыссæйы арынг йæ уæлæфтауы
атыхта æмæ йæ йе ’ккой акодта.
35Моисей сын куыд фæдзæхста, Израи-
лы адæм афтæ бакодтой — мысырæгтæй
куырдтой æвзист æмæ сыгъзæрин фæлын-
дæнтæ, дарæс. 36Дунедарæджы фæндонæй
мысырæгтæ израилæгтæм хæлар цæстæй
ракастысты æмæ сын, цы куырдтой, уый лæ-
вæрдтой. Израилæгтæ Мысырæй рацыдысты
стыр æфтиагимæ. 37Рамсесæй Суккотмæ
фистæгæй чи араст ис, уыдон, сабитæ æмæ
сылгоймæгты нæ нымайгæйæ, уыдысты
æхсæзсæдæ мин лæджы бæрц. 38Æндæр-
бæстæгтæй дæр семæ бирæ уыд. Семæ уыди
тынг бирæ фос — фыстæ æмæ сæгътæ, стур-
тæ. 39Мысырæй цы хыссæ рахастой, уымæй
афыхтой донгонд дзултæ. Хыссæйыл æнхъи-
зæн нæ уыди, уымæн æмæ израилæгты Мы-
сырæй сургæ ракодтой, æмæ сæ фæндагмæ
хæринаг сцæттæ кæныны бон нал фæци.
40Израилæгтæ Мысыры фæцардысты цып-
парсæдæ æртын азы. 41Цыппарсæдæ æртын
азы куы рацыди, тæккæ уыцы бон Дунеда-
рæджы адæм рæнхъыстадæй рацыдысты

Мысыры зæххæй. 42Дунедарæг сæ Мысы-
рæй цы æхсæв ракодта, уыцы æхсæв сæм
иудадзыг йæ хъус дардта. Уæдæй фæстæмæ
израилæгтæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ Дунеда-
рæджы кадæн бæрæг кæнынц уыцы æхсæв.
43Дунедарæг Моисей æмæ Ааронæн загъта:
«Мæнæ уын Куадзæны æгъдау. Æндæрбæс-
тæгтæн дзы аходын не ’мбæлы. 44Хæрæн дзы
ис, æвзистæй æлхæд чи æрцæуа æмæ сунæт
кæмæн скæнат, уыцы цагъарæн. 45Рæстæгмæ
дæ хæдзары чи цæры, уыцы æххуырст дзы
ма бахæрæд. 46Дзидза хæрын хъæуы, ку-
сарт кæм акодтой, уым. Æддæмæ дзы мацы
рахæссут, йе стджытæ дæр ын ма асæттут.
47Куадзæн хъуамæ бæрæг кæна æппæт Из-
раилы дзыллæ. 48Æрцæуæггаг чи у уе ’хсæн,
уый куы бафæнда Дунедарæджы Куадзæн
сбæрæг кæнын, уæд-иу ын йæ хæдзары нæл-
гоймæгтæн се ’гасæн дæр сунæт скæнут. Уый
фæстæ йæ бон уыдзæни Куадзæн скæнын,
уымæн æмæ нымад æрцæудзæни бынæттон
цæрæгыл. Æнæсунæттæй дзы мачи саходæд.
49Уыцы иу æгъдау уæм уæд израилагæн дæр
æмæ, уе ’хсæн æрцæуæггаг чи у, уымæн дæр».
50Æмæ израилæгтæ бакодтой, Дунедарæг
Моисей æмæ Ааронæн куыддæриддæр ба-
фæдзæхста, афтæ.
51Тæккæ уыцы бон Дунедарæг израилæгты
æфсад ракодта Мысыры зæххæй.

**13** Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста:
2«Израилæгты алы фыццаг цæуæт дæр ны-
вонд кæнут Мæнæн — ныййарæг мады хис-
тæр фырт дæр æмæ фосы фыццаг нæлтæ
дæр Мæн сты».
3Моисей адæмæн загъта: «Уæ зæрдыл бада-
рут ацы бон, Дунедарæг уæ Йе стыр хъомы-
сы фæрцы Мысырæй — цагъары æфсондзы
бынæй — цы бон ракодта, уый. Уыцы бон
æнхъызт дзул макуы бахæрут. 4Абон, ави-
вы мæйы, уæ фæндаг адардтат Мысырæй.
5Дунедарæг уæ фыдæлтæн расомы кодта,
ханаанæгтæ, хеттæгтæ, аморæгтæ, хиввæгтæ
æмæ йевусæгты зæхх, æхсыр æмæ мыд кæ-
цæй хъары, уый сымахæн кæй ратдзæн, уый
тыххæй. Гъемæ уæ уыцы зæхмæ куы бакæ-
на, уæд-иу ацы мæй кæнут бæрæгбон: 6авд
боны дæргъы хæрут æрмæстдæр донгонд
дзултæ æмæ-иу æвдæм бон сбæрæг кæнут
Дунедарæджы бæрæгбон. 7Фехъуыстат, дон-
гонд дзултæ хæрут авд боны дæргъы: уыцы
бонты уæ зæххыл макæмæ разынæд нæдæр
æнхъизæнджын дзултæ, нæдæр — æнхъизæн.
8Уыцы бон-иу уæ фырттæн зæгъут: „Дунеда-
рæг нæ Мысырæй куы ракодта, уæд нын цы
хæрзты бацыд, уый кадæн æххæст кæнæм
ацы уагæвæрд“. 9Гъемæ уын уый нысаны
хуызæн уæд къухыл æмæ ныхыл, цæмæй уæ
макуы ферох уа Дунедарæджы æгъдау, уæ
былалгъыл уа æдзухдæр, уымæн æмæ уæ Йе
стыр хъомысы фæрцы Дунедарæг ракодта
Мысырæй. 10Алы аз дæр нысангонд бонты
æххæст кæнут ацы уагæвæрд».
11Моисей ма ноджыдæр загъта: «Дунедарæг
уæ Ханааны зæхмæ куы бакæна — уымæн
æмæ сымахæн дæр æмæ уæ фыдæлтæн дæр
уыцы зæхх раттынæй зæрдæ бавæрдта, —
12уæд уæ фыццаг зæнæг кæддæриддæр у
Дунедарæджы. Уæ фосы фыццаг зæйц, сæ
нæлтæ, Дунедарæджы сты. 13Хæрæджы
къæлæу-иу баивут уæрыккæй. Йæ баивын
уæ куынæ бафæнда, уæд та йын йæ бæр-
зæй асæттут. Уæ хистæр фыртты сæрмæ
дæр нывæндтæ æрхæссут. 14Фидæны сымах
уæ фырттæ куы фæрсой, ацы æгъдау цы
амоны, зæгъгæ, уæд-иу сын зæгъут, ацы
æгъдау нын нæ зæрдыл æрæфтауы, Дуне-
дарæг нæ Мысырæй — цагъары æфсондзы
бынæй — куыд ракодта, уый. 15Фараон йæ
зæрдæ куы ныддур кодта æмæ нæ куынæ
уагъта рацæуын, уæд Дунедарæг ныццагъ-
та Мысыры фыццаг цæуæт: адæмæн — сæ
хистæр фыртты, фосæн — сæ сæртæ. Уымæ
гæсгæ мах Дунедарæгæн нывондæн хæссæм
нæ фосы зæйцæй алы фыццаг нæлы дæр, нæ
алы хистæр фырты та æлхæнæм Хуыцауæй.
16Уый уæд уæ къухтыл нысанау æмæ уæ
ныхтыл уацдаджы хуызæн бастау, уымæн
æмæ уæ Дунедарæг Йе стыр хъомысы фæрцы
ракодта Мысырæй».
17Фараон израилæгты куы рауагъта, уæд
сæ Хуыцау филистимæгты зæххы уылты нæ
акодта, кæд уыцы фæндаг цыбырдæр уыди,
уæддæр. Загъта: «Хæцын сæ бахъæудзæн,
уый куы феной, уæд фæфæсмон кæндзысты
æмæ фæстæмæ аздæхдзысты Мысырмæ».
18Æмæ сæ Хуыцау дæрдтыл æрзилын кодта,
æдзæрæг быдырыл сæ акодта Сырх денджы-
зы ’рдæм. Израилæгтæ рæнхъыстадæй ра-
цыдыстты Мысыры зæххæй. 19Моисей йемæ
рахаста Йосефы стджытæ дæр, уымæн æмæ
Йосеф йæ рæстæджы Израилы фырттæн ард
бахæрын кодта — бафæдзæхста сын: «Хуы-
цауы зæрдыл куы æрлæууат, уæд-иу мын ме
стджытæ Мысыры ма ныууадзут».
20Израилæгтæ рацыдысты Суккотæй
æмæ рæсæнуат æркодтой æдзæрæг быды-
ры кæрон, Етамы. 21Дунедарæг Йæхæдæг
фæндагамонæг сæ разæй цыди: боныгон —
мигъы цæджындзы хуызы, æхсæвыгон та,

рухсгæнгæ, — арты цæджындзы хуызы, цæ-
мæй сæ фæндагыл æхсæв дæр æмæ бон дæр
къуылымпы ма кæной. 22 Адæмæн боныгон
мигъы цæджындз уыди семæ, æхсæвыгон —
арты цæджындз.

**14** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2 «Израи-
лæгтæн зæгъ, цæмæй фæстæмæ раздæхой
æмæ рæсæнуат скæной Пи-Хахироты цур,
Мигдол æмæ денджызы ’хсæн. Баал-Це-
фонмæ æввахс-иу денджызы был æрæнца-
йут. 3 Уадз æмæ фараон зæгъа, израилæгтæ
фæдзæгъæл сты, ӕдзæрæг быдыр сыл ду-
æрттæ æрæхгæдта. 4 Æз хиваст хъуыды ба-
уадздзынæн фараоны сæры, уый уæ фæсте
асурдзæн, æмæ йын уæд Æз йæхицæн дæр
æмæ йе ’фсадæн дæр фенын кæндзынæн!
Базондзысты мысырæгтæ, Дунедарæг Чи
у, уый!» Израилæгтæ, Дунедарæг сын куыд
бафæдзæхста, афтæ бакодтой.
5 Мысыры паддзахмæ хабаргæнæг фæцис,
израилæгтæ алыгъдысты, зæгъгæ. Фараон
æмæ йæ дæлдæртæ æрфæсмон кодтой, кæй
сæ ауагътой, уый тыххæй. Загътой: «Уый
цы бакуыстам? Ауагътам израилæгты, нæ
кусджыты!»
6 Фараон сифтындзын кодта йæ тохуæрдон
æмæ фæсидти йе ’фсадмæ. 7 Йемæ ракодта
æхсæзсæдæ хорз тохуæрдоны, уæрдæттыл —
фæлтæрдджын хæстонтæ — Мысыры æппæт
уæрдонæфсад. 8 Дунедарæг бакодта афтæ,
æмæ Мысыры паддзах хивастæй израи-
лæгты фæсте расырдта, уыдон та ӕдæрсгæ
цыдысты сæ фæндагыл. 9 Мысырæгтæ — фа-
раоны тохуæрдæттæ, йæ барджытæ, йе ’ппæт
æфсад — абырстой сæ фæдыл æмæ сæ ден-
джызы былгæрон, Баал-Цефонмæ æввахс,
Пи-Хахироты цур баййæфтой.
10 Фараоны куы суыдтой израилæгтæ, уæд
бамбæрстой, мысырæгтæ сæ æрбасурынц,
уый. Тынг старстысты æмæ Дунедарæг-
мæ сдзынæзтой. 11 Моисейæн бустæ кодтой:
«Мысыры нын баныгæнæн нæ уыд, ӕдзæ-
рæг быдырмæ нæ мæлынмæ куынæ ракод-
таис, уæд? Цы нын бакуыстай, цæмæн нæ
ракодтай Мысырæй? 12 Уым дæр дын куы
дзырдтам, ныууадз нæ, цагъартæ уыдзыс-
тæм Мысырæн, цæйнæфæлтау ӕдзæрæг
быдыры амæлæм!» 13 «Ма тæрсут! — дзырдта
Моисей адæмæн. — Æнцад лæуут æмæ уæхæ-
дæг фендзыстут, ныртæккæ уæ Дунедарæг
куыд фервæзын кæндзæн, уый. Фæстаг хатт
ма уынут мысырæгты — нырæй фæстæмæ
сæ нал фендзыстут. 14 Æрсабыр ут! Уæ бæсты
Дунедарæг хæцы семæ!»
15 Дунедарæг Моисейæн загъта: «Цæуыл
Мæм дзыназыс? Израилæгтæн зæгъ, æмæ
сæ размæ цæуой! 16 Ды та дæ лæдзæгæй ден-
джызмæ ацамон, дон фæйнæрдæм акæлдзæн,
æмæ израилæгтæ денджызы астæуты сур
зæххыл цæуæгау ацæудзысты. 17 Мысырæг-
тæ Мæ фæндæй уæддæр сæ хиваст зонд нæ
ныууадздзысты æмæ уæ фæдыл агуылф
кæндзысты. Уыйадыл фараоны Мæ азар
баййафдзæн — ӕд æфсад, ӕд тохуæрдæт-
тæ, ӕд бæхджынтæ. 18 Мысырæгтæ базон-
дзысты, Дунедарæг Чи у, уый, фараонæн
йæхиуыл дæр, йæ тохуæрдæттыл дæр æмæ
йæ бæхджынтыл дæр Мæ хъомыс куы бав-
зарон, уæд!»
19 Израилы адæмæн сæ разæй цæуæг Ду-
недарæджы зæд сæ фæстæ æрлæууыд, сæ
разæй цы мигъы цæджындз уыд, уый сæ
фæстæ фæци. 20 Дунедарæджы зæд мысы-
рæгтæй израилæгты ’хсæн æрлæууыди. Сау
мигъау зынд иуæрдыгæй, иннæрдыгæй та
æхсæв рухс кодта. Мысырæгтæ уыцы æхсæв
нæ баййæфтой израилæгты.
21 Моисей йæ къухæй денджызмæ ацамыд-
та, æмæ Дунедарæг денджызыл скæсæйнаг
уаддымгæ рауагъта. Денджыз дыууæ дихæй
фæйнæрдæм акалд, æмæ йæ сур бын разын-
ди. 22 Израилæгтæ сурыл сæ фæндаг дардтой.
Дон сисау цæхгæр лæууыди сæ рахизфарс
дæр æмæ сæ галиуфарс дæр. 23 Мысырæгтæ
дæр — фараоны тохуæрдæттæ, йæ бæхджын-
тæ — денджызы астæуты сурыл атындзыд-
той израилæгты фæстæ.
24 Боныцъæхтыл Дунедарæг арты цæ-
джындз æмæ мигъы цæджындзæй ракасти
Мысыры æфсадмæ, æмæ уыдон фыр тæссæй
барызтысты. 25 Афтæ сын бакодта, æмæ сæ
уæрдæтты цæлхытæ фæтахтысты, мысы-
рæгтæн размæ цæуын нал æнтыст. Загътой:
«Лидзгæ нын у израилæгтæй — сæ сæрыл
Дунедарæг растад нæ ныхмæ».
26 Дунедарæг Моисейæн загъта: «Дæ къу-
хæй денджызмæ ацамон, æмæ дон фæстæмæ
йæ бынат ссара, йæ быны фæкæна мысы-
рæгты — уæрдæттæ дæр æмæ бæхджынты
дæр». 27 Моисей денджызмæ ацамыдта, æмæ
боныцъæхтæм дон йæ бынат ссардта. Мы-
сырæгтæ лидзгæ-лидзын уылæнты амæттаг
баисты — Дунедарæг сæ фæдæлдон кодта.
28 Дон йæ бынат ссардта æмæ фараоны æф-
сад — уæрдонæй, бæхджынæй — иууылдæр
аныхъуырдта, иу дæр сæ нæ аирвæзти.
29 Ныр израилæгтæ та денджызы астæуты
ацыдысты сурыл цæуæгау. Сæ рахизфарс
уыди доны æмдзæхгæр сис, сæ галиуфарс

дæр уыди доны æмдзæхгæр сис. 30Афтæ
Дунедарæг уыцы бон израилæгты бахызта
мысырæгты къухæй.

Израилæгтæ денджызы был мысырæгты
мæрдтæ куы федтой, 31уæд бамбæрстой, Ду-
недарæг уыдоны Йе стыр хъомысы амæттаг
кæй бакодта, æмæ сæ стыр тас бацыди Дуне-
дарæджы раз. Баууæндыдысты Дунедарæгыл
æмæ Йæ цагъар Моисейыл.

**15** Уæд Моисей æмæ израилæгтæ Дунеда-
рæджы кадæн арфæйы зарæг систой:

«Цæй æмæ ныззарон Дунедарæгыл,
стыр æмæ кадджын Хуыцауыл!
Уый фæдæлдон кодта
бæхтæ æмæ барджыты.
2 Дунедарæг мæ хъомыс, мæ хъару,
мæ Ирвæзынгæнæг у.
Уый мæ Хуыцау у,
æмæ Йын кад кæндзынæн,
Уый — мæ фыдæлты Хуыцау,
æмæ Йæ стаудзынæн!
3 Дунедарæг у хæстон,
Дунедарæг — Йæ ном!

4 Уый фæдæлдон кодта
фараоны тохуæрдæттæ, йе ’фсад,
Сырх денджызы амæттаг ын бакодта
йæ разагъды хæстонты —
5 хуыдымы хай баисты,
доны аныгъуылдысты дуртау.

6 Дунедарæг, Дæ рахиз къухæн
йæ хъомысы кой айхъуыст.
Дæ рахиз къухæй, Дунедарæг,
Ды знæгты æрцавтай,
7 Дæ ныхмæ растджыты Де
стыр хъаруйæ
афæлдæхтай зæххыл;
артау ссыгъди Дæ маст,
хъæмпы халау сæ аныхъуырдта.
8 Дæ раулæфтæй хæрдмæ фæцыдысты
денджызы уылæнтæ,
хъен слæууыдысты сисау,
сурзæхх фестади хуыдым.

9 „Асурон, баййафон! —
загъта фыдгул. —
Байсон æфтиаг, мæ мондæгтæ сисон!
Сласон мæ кард æмæ сæ ныццæгъдон!“
10 Ды бафу кодтай —
æмæ фæдæлдон сты,
денджызы арфы
аныгъуылдысты здыйау.

11 Дунедарæг, хуыцæутты ’хсæн
Дæу хуызæн чи у?
Чи у, Дæуау, хъомысджын æмæ уаз?
Тас æфтауы Дæ кад,
о, диссæгтæ фæлдисæг!
12 Баивæзтай Дæ къух —
зæхх аныхъуырдта знаджы.

13 Уарзгæйæ хоныс Ды,
кæй фервæзын кодтай, уыцы адæмы,
кæныс сæ Дæ хъомысджын къухæй
Дæ уаз цæрæнмæ.

14 Уыдæттæ фехъуыстой алы адæмтæ
æмæ æмризæджы ризынц!
Филистимы цæрджыты
стыр тас бацыд,
15 удаист фесты Едомы æлдæрттæ,
асаст Моавы фæтæгтæн сæ ныфс,
ханаанæгтæн се уæнгтæ
æрызгъæлдысты.

16 Бахæцæд се ’ппæтыл тас æмæ ризæг!
Дæ хъомысæй цавддуртæ фестæнт,
цалынмæ, Дунедарæг,
Дæ адæм цæуой, уæдмæ,
Дæхи кæй бакодтай, уыцы адæм!

17 Дунедарæг, Ды æрцæрын кæндзынæ
уыдоны Дæ хохыл!
Дæхицæн цæрæн кæм сарæзтай,
Бардарæг,
Дæ къухæй Уаз Цæрæн
кæм скодтай, уым!

18 Дунедарæг уыдзæни
Паддзах — мыггагæй-мыггагмæ!»

19Фараоны тохуæрдæттæ æмæ йæ бæх-
джынтæ денджызмæ куы бахызтысты, уæд
сæ Дунедарæг фæдæлдон кодта, израилæг-
тæ та денджызы астæуыты ацыдысты сурыл
цæуæгау. 20Уæд пехуымпар Мариам, Аароны
хо, йæ къухмæ æрбайста дала, æмæ йемæ сæ
далатимæ кафгæ рацыдысты æппæт сылгой-
мæгтæ дæр. 21Мариам базарыд:
«Ныззарут Дунедарæгæн, —
стыр у Уый!
Бæхтæ æмæ барджыты
Уый денджызы нывзылдта!»

22Сырх денджызæй Моисей израилæгты
акодта Шуры æдзæрæг быдырмæ. Уым фæ-
цыдысты æртæ боны æмæ дон никуы ардтой.
23Марамæ куы бафтыдысты, уæд уым уыди

дон, фæлæ нуазынæн нæ бæззыд, уымæн
æмæ маст уыд. (Уымæ гæсгæ схуындæуыд
ацы бынат Мара.) [24]Адæм хъуыр-хъуыр код-
той Моисейыл: «Цы бануазæм?» [25]Моисей
скуывта Дунедарæгмæ, æмæ йын Уый ба-
цамыдта бæласмæ. Моисей дзы иу лыггаг
доны ныппæрста, æмæ дон хæрзад фестад.

Уыцы ран Дунедарæг израилæгтæн сфи-
дар кодта фæтк æмæ уагæвæрдтæ æмæ сæ
фæлвæрдта. [26]Загъта сын: «Дунедарæгмæ,
уæ Хуыцаумæ, куы хъусат æмæ, Йæ разы
раст цы у, уый куы кæнат, Йæ фæдзæхсты-
тæ Йын уæ зæрдыл куы дарат æмæ Йын Йæ
уагæвæрдтæ куы æххæст кæнат, уæд, мы-
сырæгтыл цы низтæ бафтыдтон, уыдонæй
уæ никæцыйы амæттаг бакæндзынæн. Æз
Дунедарæг дæн — уæ Хосгæнæг».

[27]Израилæгтæ бахæццæ сты Елиммæ æмæ
сæ рæсæнуат уым скодтой. Уыди дзы дыу-
уадæс суадоны æмæ дæс æмæ æртиссæдз
финик бæласы.

**16** Израилæгтæ Елимæй куы рацыдысты,
уæд, Елим æмæ Синайы 'хсæн, Син, зæгъгæ,
цы æдзæрæг быдыр ис, уырдæм бафтыдыс-
ты. Уый уыди, Мысырæй куы рацыдысты,
уымæн йæ дыккаг мæйы фынддæсæм бон.
[2]Израилы дзыллæ та æдзæрæг быдыры но-
гæй хъуыр-хъуыр кæнын райдыдтой Моисей
æмæ Аароныл. [3]Дзырдтой: «Фæлтау Мысыры
куы амардаиккам Дунедарæджы къухæй.
Уым бадтыстæм дзидзайы æгты уæлхъус,
нæ фаг нын уыди дзул! Сымах та не 'ппæты
дæр ацы æдзæрæг быдырмæ сыдæй амарын-
мæ ракодтат». [4]Æмæ Дунедарæг Моисейæн
загъта: «Дзул уын æруарын кæндзынæн
арвæй. Адæм-иу алы бон дæр рацæуæнт
æмæ-иу сæхицæн бонваг æруидзæнт. Æз
та сæ бафæлвардзынæн, кæддæра Мын Ме
'Гъдау куыд æххæст кæнынц. [5]Æхсæзæм бон
та æруидзæнт, цас сын бантыса, уый бæрц,
æмæ фендзысты, иннæ бонтимæ абаргæйæ,
дыууæ хатты фылдæр кæй æруыгътой, уый».

[6]Моисей æмæ Аарон израилæгтæн загъ-
той: «А изæр базондзыстут, Мысырæй уæ
Дунедарæг кæй ракодта, уый. [7]Куы æрбабон
уа, уæд та фендзыстут Дунедарæджы кад.
Уымæн æмæ Дунедарæг фехъуыста, куыд Ыл
бустæ кодтат, уый. Мах та чи стæм? Махыл
нæ, фæлæ Хуыцауыл кæнут бустæ!»

[8]Ноджы ма Моисей загъта: «Дунеда-
рæг уын уæ фаг ратдзæн: изæры — дзидза,
райсомæй та — дзул. Уымæн æмæ уын фе-
хъуыста уæ хъуыр-хъуыр. Сымах Дунеда-
рæгыл бустæ кодтат, махыл нæ, фæлæ. Мах
чи стæм?!» [9]Моисей Ааронæн бафæдзæхста:
«Израилы дзыллæйæн зæгъ, цæмæй Дуне-
дарæджы раз æрлæууой, уымæн æмæ сын
Дунедарæг фехъуыста сæ хъуыр-хъуыр».

[10]Аарон уыцы ныхас израилæгтæн куы
рафæзмыдта, уæд адæм се 'ргом æдзæрæг
быдырмæ саразтой — æмæ дын сæм æв-
рагъæй куы разынид Дунедарæджы кад.
[11]Дунедарæг Моисейæн загъта: [12]«Израи-
лæгты хъуыр-хъуыр фехъуыстон, æмæ сын
афтæ зæгъ: изæры хæрдзыстут дзидза, рай-
сом та уын уæ фаг уыдзæн дзул. Æмæ уæд
бамбардзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уæ
Хуыцау, уый».

[13]Изæры рæсæнуат уæрццытæй байдзаг
ис, райсомæй та йæ алыварс зæххыл æртæх
æрбадт. [14]Æртæх куы байсыст, уæд зæххы
уæлцъарыл разынди халасы хуызæн цыдæр
лæхурæг. [15]Израилæгтæ йæ куы федтой, уæд
кæрæдзийы фарстой: «Уый цы уа, цымæ?»
Ницы йын зыдтой. Моисей сын загъта: «Уый
дзул у, Дунедарæг уын æй хæрынæн дæтты.
[16]Дунедарæг уын фæдзæхсы, цæмæй дзы
алчи йæ бинонты фаг æруидза — алы адæй-
магæн дæр иу омеры бæрц».

[17]Израилæгтæ бакодтой, куыд загъд сын
уыд, афтæ. Чи сæ фылдæр æруыгъта, чи
та — къаддæр. [18]Цы æруыгътой, уый омерæй
куы барстой, уæд рауад афтæ, æмæ, бирæ чи
æрæмбырд кодта, уымæ уæлдай нæ уыди,
къаддæр чи æрæмбырд кодта, уый та нæ
байййæфта хъуаг. Алчидæр сæ æруыгъта йæ
бинонты фаг. [19]Моисей сын загъта: «Рай-
соммæ дзы мацы ныууадзут». [20]Фæлæ йæм
нæ байхъуыстой. Чидæртæ дзы ныууагътой
райсоммæ, æмæ сын скæлм æмæ сысмаг
ис, æмæ сæм уый тыххæй Моисей смæсты.
[21]Алы райсом алчидæр уыгъта йæ бинонты
фаг. Зæххыл ма-иу цы баззад, уый та-иу
фæстæдæр хуры хъарммæ атад.

[22]Æхсæзæм бон æруыгътой дыууæ хатты
фылдæр — алкæмæн дæр дыууæ омеры бæрц.
Дзыллæйы хистæртæ йæ Моисейæн куы
загътой, [23]уæд сын Моисейы ныхас уыди:
«Уый тыххæй Дунедарæг дзырдта. Райсом
æнцойбон у, Дунедарæджы уаз сабат. Цы фы-
цинаг стут, уый абон сфыцут, уæ хæринагæй
ма цы баззайа, уый та райсоммæ бавæрут».
[24]Æмæ сын Моисей куыд загъта, афтæ, сæ
хæринагæй ма цы баззад, уымæй дыккаг
бонмæ ныуагътой, æмæ сын нæ сысмаг ис
æмæ не скæлм ис. [25]Моисей загъта: «Хæрут

**15:23** *Мара* дзуттагау амоны «маст». **16:16** *Омер* у дзуттаг дзырд, бæрцуат амонæг – 1–1,5 литры. Хæстæг Скæсæны цæрæгæн уый бæрц хор уыди йæ боны хойраг.

ӕй абон. Абон Дунедарӕджы сабат у, ӕмӕ
быдыры ницы ссардзыстут. [26]Уидзут-иу
ӕхсӕз боны дӕргъы, ӕвдӕм бон та сабат у,
ӕмӕ уыцы бон ницы ссардзыстут».
[27]Адӕмӕй чидӕртӕ ӕвдӕм бон дӕр ацы-
дысты уидзынмӕ, фӕлӕ ницы ссардтой.
[28]Дунедарӕг Моисейӕн загъта: «Кӕдмӕ уӕхи
тигъ кӕндзыстут Мӕ фӕдзӕхстытӕ ӕмӕ Мӕ
уагӕвӕрдтыл? [29]Хъусгӕ кӕнут: Дунедарӕг
уын радта сабат, ӕмӕ уын уымӕ гӕсгӕ ӕх-
сӕзӕм бон дыууӕ боны фаг хӕринаг ӕрвиты.
Ӕвдӕм бон-иу уӕ алчи йӕ хӕдзары бадӕд
ӕмӕ макуыдӕм цӕуӕд». [30]Ӕмӕ ӕвдӕм бон
адӕм сӕ фӕллад уагътой.
[31]Израилы адӕм уыцы хойраг схуыдтой
маннӕ. Уыди хъонтхорайы нӕмыджы хуы-
зӕн, урс, мыдамӕстыты ад кодта. [32]Моисей
загъта: «Дунедарӕг бафӕдзӕхста, цӕмӕй
маннӕйы иу омер бафснайат мыггагмӕ, ӕмӕ
фыдӕй-фыртмӕ алчидӕр уына, Мысырӕй
ракӕнгӕйӕ уӕ ӕдзӕрӕг быдыры Дунедарӕг
цы дзулӕй хаста, уый». [33]Моисей Ааронӕн
загъта: «Райс дурын, ныккӕн дзы маннӕйы
иу омер ӕмӕ йӕ ӕрӕвӕр Дунедарӕджы
раз, цӕмӕй уе ’ппӕт фӕлтӕртӕн дӕр уым
ӕфснайдӕй лӕууа».
[34]Аарон маннӕйы дурын сӕвӕрдта Фиды-
ды Чырыны раз, цӕмӕй уыцы ран ӕфснайд
уа, Дунедарӕг Моисейӕн куыд бафӕдзӕхста,
афтӕ. [35]Цалынмӕ израилӕгтӕ Ханаанмӕ нӕ
бахӕццӕ сты, уӕдмӕ дыууиссӕдз азы дӕр-
гъы ӕдзӕрӕг быдыры маннӕйӕ цардысты.
[36](Омер у ефӕйы дӕсӕймаг хай.)

**17** Израилы дзыллӕ Сины ӕдзӕрӕг бы-
дырӕй куы рацыдысты, уӕд Дунедарӕджы
фӕдзӕхстмӕ гӕсгӕ рӕсӕнуат кодтой куы иу,
куы иннӕ ран, афтӕмӕй бахӕццӕ сты Ре-
фидиммӕ. Адӕмӕн дзы дон бануазынӕн нӕ
уыд, [2]ӕмӕ уайдзӕфты бын фӕкодтой Моисе-
йы, домдтой дзы: «Ӕри нын дон! Дойны нын
у». Моисей сын афтӕ: «Цы мын уайдзӕфтӕ
кӕнут? Цӕмӕн фӕлварут Дунедарӕджы?»
[3]Фӕлӕ адӕм дойныйӕ стыхстысты ӕмӕ
хъуыр-хъуыр кодтой Моисейыл: «Цӕмӕн
нӕ ракодтай Мысырӕй? Нӕхи дӕр, нӕ са-
биты дӕр ӕмӕ нын нӕ фос дӕр дойныйӕ
амарынмӕ?»
[4]Моисей сдзынӕзта Дунедарӕгмӕ: «Цы
гӕнгӕ мын у ацы адӕмӕн? Чысыл ма хъӕуы,
ӕмӕ мӕ дурты бын фӕкӕной!» [5]Дунедарӕг
Моисейӕн загъта: «Израилӕгты хистӕр-
тӕй иу къорды демӕ ракӕн ӕмӕ адӕмы
разӕй ацу. Дӕ къухмӕ райс, Нилы дон-иу
кӕмӕй ӕрцавтай, дӕ уыцы лӕдзӕг дӕр.
[6]Уым, къӕдзӕхыл, Хоревы хохыл, Ӕз ӕр-
лӕудзынӕн дӕ разы. Ды-иу дӕ лӕдзӕгӕй
къӕдзӕх ныццӕв, ӕмӕ дзы дон ракӕлдзӕн.
Уадз ӕмӕ адӕм нуазой».
Моисей израилӕгты хистӕрты раз, Дуне-
дарӕг ын куыд бафӕдзӕхста, афтӕ бакодта.
[7]Уыцы бынат та схуындӕуыди Масса ӕмӕ
Мерива, уымӕн ӕмӕ уыцы ран израилӕгтӕ
Дунедарӕгӕн уайдзӕфтӕ кодтой ӕмӕ Йӕ
фӕлвӕрдтой, Дунедарӕг немӕ ис ӕви нӕ,
зӕгъгӕ, кӕй дзырдтой, уымӕй.
[8]Амалекӕгтӕ ӕрбабырстой Рефидиммӕ
ӕмӕ схӕцыдысты израилӕгтимӕ. [9]Мои-
сей Йешуайӕн загъта: «Равзар, амалекӕг-
ты ныхмӕ кӕимӕ ралӕууай, ахӕм лӕгтӕ.
Ӕз та райсом, Хуыцауы лӕдзӕг мӕ къухы,
афтӕмӕй къуыбырыл ӕрлӕудзынӕн». [10]Йе-
шуа, Моисей йын куыд загъта, афтӕ бакодта
ӕмӕ амалекӕгтимӕ схӕцыд, Моисей та
Аарон ӕмӕ Хуримӕ къуыбырыл ӕрлӕу-
уыд. [11]Моисей-иу йӕ къухтӕ хӕрдмӕ куы
сдардта, уӕд-иу уӕлахиз кӕнын райдыдта
Израил, дӕлӕмӕ-иу сӕ куы ӕруагъта, уӕд
та — Амалек. [12]Фӕлӕ Моисейы къухтӕ куы
ӕруӕззау сты, уӕд ын дур ӕрбахастой. Мо-
исей дурыл ӕрбадт, Аарон ӕмӕ йын Хур
та дыууӕрдыгӕй хӕрдмӕ хӕцыдысты йӕ
къухтыл. Хурныгуылдмӕ йын сӕ дӕлӕмӕ
не ’руагътой, [13]ӕмӕ Йешуа фӕуӕлахиз Ама-
лекыл, йӕ адӕмы йын кардӕй фӕцагъта.
[14]Дунедарӕг Моисейӕн загъта: «Уыдӕттӕ
зӕрдылдарынӕн ныффысс чиныджы, Йешу-
айӕн та зӕгъ, Ӕз амалекӕгтӕн арвы бын сӕ
кой кӕй фесафдзынӕн, уый».
[15]Моисей сарӕзта нывондхӕссӕн ӕмӕ йӕ
схуыдта Йахве-Нисси. [16]Загъта: «Мӕ къух
сдардтон Дунедарӕджы бадӕнмӕ. Дуне-
дарӕджы хӕст Амалекимӕ — мыггагмӕ».

**18** Мидианы сауджын Ифро, Моисейы каис,
фехъуыста, Хуыцау Моисей ӕмӕ Йӕ адӕмӕн,
Израилӕн, стыр хӕрзты кӕй бацыд ӕмӕ сӕ
Дунедарӕг Мысыры зӕххӕй кӕй ракодта,
уый. [2]Ӕмӕ Ифро йемӕ рахуыдта Моисейы
ус Циппорайы (уымӕй размӕ йӕ Моисей йӕ
цӕгатмӕ арвыста), [3]Моисейы дыууӕ фырты,
сӕ иуы ном — Гершом, уымӕн ӕмӕ Моисей
загъта: «Ӕз ӕрцӕуӕггаг дӕн ӕцӕгӕлон
зӕххыл», [4]иннӕйы ном та — Елиезер, уымӕн
ӕмӕ Моисей загъта: «Мӕ фыдӕлты Хуыцау
мӕм фӕзынди ӕххуысмӕ ӕмӕ мӕ бахызта
фараоны кардӕй».

**17:15** Ома «Дунедарӕг – мӕ тырыса». **18:3** Ома «ӕрцӕуӕггаг». **18:4** Ома «Хуыцау ӕххуыс кӕны».

5Ифро сæ бакодта Моисеймæ, Хуыцауы
хохы рæбынмæ, Моисей йæ рæсæнуат кæм
æркодта, уырдæм 6æмæ йæм фæхабар кæнын
кодта: «Æрбацыди дæм дæ каис Ифро дæ ус
æмæ дæ фырттимæ». 7Моисей йæ каисы раз-
мæ рауади, йæ сæрæй йын ныллæг акуывта
æмæ йын аба кодта. Кæрæдзийæн салам куы
радтой, уæд цатырмæ бацыдысты. 8Моисей
йæ каисæн радзырдта, Дунедарæг фараон
æмæ мысырæгты Израилы адæмы сæрыл
куыд бафхæрдта, израилæгтæ фæндагыл цы
зынтæ бавзæрстой æмæ сæ Дунедарæг куыд
аирвæзын кодта, æппæт уыдæттæ. 9Ифро-
йæн æхсызгон уыди, Дунедарæг израилæгты
мысырæгты къухæй куы ирвæзын кодта,
уæд сын афтæ бирæ хæрзтæ кæй ракодта,
уый. 10Загъта: «Арфæгонд уæд Дунедарæг!
Аирвæзын уæ кодта мысырæгтæ æмæ фа-
раоны къухæй. Ацы адæмы суæгъд кодта
мысырæгты æфсондзæй. 11Ныр æз базыдтон,
иннæ хуыцæуттæ сæхи цыфæнды бæрзонд
куы æвæрой, уæддæр Дунедарæг се 'ппæтæй
уæлдæр кæй у, уый!». 12Моисейы каис Ифро
Хуыцауæн æрхаста иууылсудзинаг нывонд
æмæ Йын кусæрттæ акодта. Æрбацыдысты
Аарон æмæ Израилы хистæртæ, цæмæй Ху-
ыцауы раз иумæ скомдзаг кæной.
13Дыккаг бон Моисей æрбадти израилæгты
хъуыддæгтæ æвзарынмæ, æмæ райсомæй
суанг изæрмæ адæм йæ разы уыдысты. 14Йæ
каис Ифро йын, уый фенгæйæ, афтæ зæгъы:
«Цы ми кæныс ацы адæмæн? Ды сæ разы
иунæгæй цæмæн бадыс, уыдон та дæ алы-
варс цæмæн лæууынц райсомæй изæрмæ?»
15Моисей дзуапп радта йæ каисæн: «Адæм
мæм æрбацæуынц, цæмæй сын фæрсон Ху-
ыцауы. 16Исты хъуыддаг равзаринаг сæм
куы вæййы, уæд мæм æрбацæуынц, æмæ
сын æз равзарын сæ быцæутæ, бацамонын
сын Хуыцауы уагæвæрдтæ æмæ 'гъдæуттæ».
17Йæ каис ын загъта: «Раст нæ кæныс. 18Аф-
тæмæй дæхи дæр æмæ адæмы дæр тухæнæй
амардзынæ. Æгæр уæззау у дæ хæс, æмæ
иунæгæй ницы бакæндзынæ. 19Æрбайхъус-
ма мæ уынаффæмæ, æмæ дын Хуыцау бах-
хуыс кæнæд! Ды хъуамæ лæууай адæмæй
Хуыцауы 'хсæн æмæ Хуыцауы тæрхонмæ
хæссай адæмы хъуыддæгтæ. 20Ахуыр сæ
кæн Хуыцауы уагæвæрдтæ æмæ Йе 'гъдæут-
тыл, амон сын, цавæр фæндæгтыл цæугæ
сын у æмæ сын цавæр хъуыддæгтæ кæнын
æмбæлы, уыдæттæ. 21Адæмы 'хсæнæй рав-
зар, Хуыцауы тас кæмæ ис, æууæнкджын
чи у æмæ гæртам чи нæ райсдзæн, ахæм
нымад лæгтæ æмæ сæ хицæуттæй сæвæр:
кæй — мин, кæй — фондзыссæдз, кæй — дæс
æмæ дыууиссæдз, кæй — дæс лæджы сæргъы.
22Уыдон æдзух уыдзысты адæмимæ æмæ
сын сæ быцæутæ æвзардзысты, зындæр хъу-
ыддæгтæ дæумæ дæтдзысты, хуымæтæгтæ
та сæхæдæг лыг кæндзысты. Афтæмæй дын
дæ уаргъ фæрогдæр кæндзысты, йе 'мбис
ын уыдон хæсдзысты. 23Афтæ куы бакæнай,
æмæ уый Хуыцауæн фæндон куы уа — дæ-
хæдæг дæр фидар лæудзынæ, адæм дæр
разыйæ сæхимæ здæхдзысты».
24Моисей байхъуыста йæ каисы зондмæ
æмæ, уый йын куыддæриддæр загъта, афтæ
бакодта. 25Израилы адæмы 'хсæн нымад лæг-
тæ равзæрста æмæ сæ хицæуттæй сæвæрдта:
кæй — мин лæгæн, кæй — фондзыссæдз,
кæй — дæс æмæ дыууиссæдз, кæй — дæс.
26Уыдон адæмæн систы тæрхоны лæгтæ;
уæззау хъуыддæгтæ лæвæрдтой Моисеймæ,
рогдæртæ та æвзæрстой сæхæдæг.
27Моисей йæ каисæн фæндараст загъта,
æмæ уый йæ бæстæм аздæхт.

**19** Мысырæй рацыдæн йе 'ртыккаг мæй-
ноджы израилæгтæ бахæццæ сты Синайы
æдзæрæг быдырмæ. 2Уырдæм æрбацыдысты
Рефидимæй æмæ дзы æрæнцадысты — сæ
рæсæнуат Синайы хохрæбын скодтой.
3Моисей ссыди хохы сæрмæ, æмæ йын
Дунедарæг загъта: «Йаковы хæдзарвæн-
дагæн, израилæгтæн, афтæ зæгъ: 4„Сымах
федтат, Æз мысырæгтæн цытæ бакодтон,
уый. Федтат, цæргæсы базыртыл хæссæ-
гау уæ кæй рахастон æмæ уæ Мæхимæ кæй
æрбакодтон. 5Куы Мæм хъусат æмæ, Мемæ
цы фидыд саразтат, уый куынæ фехалат,
уæд æппæт адæмты 'хсæн сымах уыдзыстут
Мæ зынаргъ исбон. Зæхх иууылдæр Мæн у,
6æмæ Мын сымах уыдзыстут сауджынты
паддзахад, уаз адæм“. Фæхæццæ кæн ацы
ныхæстæ израилæгтæм».
7Моисей æрхызти хохæй, адæмы хистæр-
тæм басидт æмæ сын, Дунедарæг ын куыд
бафæдзæхста, афтæ æппæт ныхæстæ дæр
рафæзмыдта. 8Адæм æмдзыхæй загътой:
«Сæххæст кæндзыстæм, Дунедарæг цыдæ-
риддæр загъта, уый!» Моисей Дунедарæгмæ
фæхæццæ кодта адæмы дзуапп.
9Дунедарæг Моисейæн загъта: «Æз дæм
æрцæудзынæн бæзджын æврагъы мидæг,
цæмæй адæм фехъусой, демæ куыд дзу-
рын, уый æмæ дыл амæй фæстæмæ кæддæ-
риддæр æууæндой». Моисей Дунедарæгæн
адæмы дзуапп куы рафæзмыдта, 10уæд ын
Дунедарæг загъта: «Аздæх адæммæ. Абон

æмæ сæ райсом ссыгъдæг кæн Хуыцауимæ
фембæлынмæ, ныхсæнт сæ дарæстæ дæр,
11цæмæй цæттæ уой иннæбонмæ, уымæн
æмæ иннæбон Дунедарæг æппæт адæмы раз
æрхиздзæни Синайы хохмæ. 12Хохы алыварс
æрхахх кæн æмæ адæмæн зæгъ, цæмæй
хохмæ ма ссæуой æмæ хохыл бандзæвынæй
дæр сæхи бахизой. Хохыл чидæриддæр бан-
дзæва, уый амарын хъæуы. 13Къухæй-иу æм
мачи бавналæд, фæлæ йæ дурты бын фæкæ-
нут, науæд та йæ фатæй фехсут. Фос уа æви
адæймаг — удæгасæй йын ныууадзæн нæй,
сыкъауадындзы уасынмæ хохмæ ссæуыныл
куы архайа, уæд». 14Моисей хохæй адæммæ
æрхызт æмæ сæ ссыгъдæг кодта. Адæм ных-
садтой сæ дарæстæ дæр, 15æмæ сын Моисей
загъта: «Уæхи цæттæ кæнут иннæбонмæ.
Сылгоймагмæ æмгæрон ма ’рцæут».
16Æртыккаг бон сæумæйæ арв нæрын, цæ-
хæртæ калын байдыдта, стæй хохыл æрбадти
бæзджын æврагъ. Хъæрæй ныууасыд сыкъа-
уадындз, æмæ рæсæнуаты адæм барызтысты.
17Моисей сæ рæсæнуатæй Хуыцауы размæ
акодта, æмæ хохрæбын æрлæууыдысты.
18Синайы хох фæздæджы бын фæци, уымæн
æмæ йын йæ сæрмæ артау Йæхи æруагъта
Дунедарæг. Пецау фæздæг калдта хох æмæ-
иу сæнкъуысти. 19Сыкъауадындзы уасын
хъæрдæрæй-хъæрдæр кодта. Моисей дзырд-
та, æмæ йын Хуыцау арвы нæрынæй дзуапп
лæвæрдта. 20Дунедарæг Йæхи æруагъта Си-
найы хохы сæрыл æмæ уырдæм фæсидти
Моисеймæ. Моисей хохы сæрмæ ссыди.
21Дунедарæг загъта Моисейæн: «Цу æмæ
ма иу хатт бафæдзæхс адæмæн, цæмæй ма
’рбахизой арæнæй æмæ Дунедарæджы ма
феной, науæд бирæтæ ссардзысты сæ мæлæт.
22Сауджынтæ цæуинаг куы уой Дунедарæг-
мæ, уæд-иу уыдон та сæхи ссыгъдæг кæнæнт,
науæд сæ Дунедарæг бабын кæндзæни».
23Моисей Дунедарæгæн загъта: «Адæм не
ссæудзысты Синайы хохмæ, уымæн æмæ
мын Дæхæдæг бафæдзæхстай, цæмæй йын
йæ алыварс скæнон арæнхахх æмæ хох ба-
нымайон уазыл».
24Дунедарæг ын загъта: «Цу æмæ фæстæмæ
аздæх Ааронимæ. Сауджынтæ æмæ Мæм иннæ
адæм та ссæуынвæнд ма скæнæнт — бабын сæ
кæндзынæн». 25Моисей адæммæ ныццыд æмæ
сын Дунедарæджы фæдзæхст рафæзмыдта.

**20** Мæнæ, Хуыцау кæй загъта, уыцы
ныхæстæ:
2«Æз Дунедарæг дæн, дæ Хуыцау, Мысыры
зæххæй дæ Чи ракодта, цагъары æфсондзы
бынæй, Уый. 3Мæ разы дын æндæр хуы-
цæуттæ ма уæд.
4Дæхицæн ма араз кæрдгæнывтæ: нæдæр
уæле, арвыл цы ис, нæдæр дæле — зæххыл,
нæдæр доны мидæг — зæххы бын цы ис, уы-
доны фæлгонцтæ. 5Ма сын кув æмæ сын ма
лæггад кæн, уымæн æмæ Æз Дунедарæг дæн,
дæ Хуыцау, æнувыддзинад домæг Хуыцау,
йæхи Мыл чи атигъ кодта, уыцы фыдæлты
азымы тыххæй уыдонæн сæ байзæддæгты
æртыккаг æмæ цыппæрæм фæлтæры онг
æфхæрæг, 6Мæн чи уарзы æмæ Мын Мæ
фæдзæхстытæ чи æххæст кæны, уыдонæн
та мин фæлтæры онг — арфæгæнæг.
7Æнæхъуаджы ма сдзур Дунедарæджы, Дæ
Хуыцауы, ном. Дунедарæг æнæбафхæргæ
нæ ныууадздзæн, Йæ ном Ын æнæхъуаджы
чи дзура, уый.
8Рох дæ ма уæд, сабат уаз кæй у, уый. 9Æх-
сæз боны дæргъы кус, кæн дæ алы хъуыддæг-
тæ, 10æвдæм бон та — сабат — Дунедарæджы,
дæ Хуыцауы, у, æмæ уыцы бон мадæр дæхæ-
дæг исты кус, мадæр дæ фырт исты кусæд,
мадæр — дæ чызг, мадæр — дæ цагъар, ма-
дæр — де ’ххуырст, мадæр — дæ фос, мадæр —
дæ сахары цæрæг æрцæуæггаг. 11Уымæн æмæ
Дунедарæг æхсæз бонмæ сфæлдыста арв,
зæхх æмæ денджыз æмæ сæ цыдæриддæр
ис, уый, æвдæм бон та æрæнцад Йæ алы
куыстæй. Уымæ гæсгæ Дунедарæг сабаты
бонæн раарфæ кодта, скодта йæ уаз.
12Нымай дæ фыд æмæ дæ мады, цæмæй
дын, Дунедарæг, дæ Хуыцау, кæй дætты,
уыцы зæххыл бирæ фæцæрай.
13Ма амар.
14Ма хæт.
15Ма дав.
16Искæй ныхмæ мæнгæвдисæн ма
ныллæуу.
17Ма бабæлл искæй хæдзармæ, искæмæн
ма бабæлл нæдæр йæ усмæ, нæдæр — йæ
цагъармæ, нæдæр — йæ галмæ, нæдæр — йæ
хæрæгмæ. Искæй исæй мацæмæ бабæлл».
18Арв нæрыд æмæ æрттывта, уасыд сыкъа-
уадындз, фæздæг калдта хох. Адæм уыдтой
æмæ хъуыстой æмæ тæрсгæ-ризгæйæ дæрд-
дзæф алæууыдысты. 19Моисейæн загътой:
«Хуыцау ма дзурæд немæ, науæд амæлдзыс-
тæм. Фæлтау нын ды дзур, æмæ дæм мах
хъусдзыстæм». 20Моисей адæмæн загъта: «Ма
тæрсут. Хуыцау æрцыди уæ бафæлварынмæ,
цæмæй уæ Хуыцауы тас уа æмæ тæригъæды
ма цæуат». 21Адæм лæууыдысты дæрддзæф
ран, Моисей та баввахс ис, Хуыцау кæм уыди,
уыцы саудалынгмæ.

22Дунедарæг Моисейæн загъта: «Израи-
лæгтæн Мæнæй афтæ зæгъ. Сымах федтат,
уæларвæй уæм куыд дзырдтон, уый. 23Ма
аразут уæхицæн æвзист æмæ сыгъзæрин
хуыцæуттæ æмæ сæ Мæ разы ма æвæрут.
24Сыджытæй Мын сараз нывондхæссæн
æмæ йыл уæ лыстæг фосæй æмæ уе стурво-
сæй хæсс иуулылсудзинæгтæ æмæ фидыды
нывæндтæ. Дæ зæрдыл дын Мæхи кæм-
дæриддæр æрлæууын кæнон, уырдæм-иу
дæм æрцæудзынæн æмæ дын раарфæ кæн-
дзынæн. 25Нывондхæссæн Мын дурæй куы
аразай, уæд дуртæ ма лæгъз кæн: дæ сарт
дуртыл куыддæр бандзæвын кæнай, афтæ
сæ фæчъизи кæндзынæ.
26Нывондхæссæнмæ къæпхæнтыл ма хиз,
цæмæй йæм дæ худинаг ма разына.

**21** Мæнæ, адæмæн цы уагæвæрдтæ хъуамæ
раттай, уыдон.
2Дзуттаг цагъары куы балхæнай, уæд дæм
бакусæд æхсæз азы, æвдæм аз æй суæгъд
кæн æнæ фиддон. 3Кæд æрмæст йæхæдæг
сси цагъар, уæд ссæрибар уæд йæхæдæг, кæд
æмæ — æд ус, уæд та — йæ усимæ. 4Кæд ын
йæ хицау ус ракуырдта æмæ йын уый лæп-
путæ кæнæ чызджытæ ныййардта, уæд йæ
ус æмæ йæ сабитæ хицауы исбон сты, æмæ
йын иунæг йæхи æмбæлы ссæрибар кæнын.
5Фæлæ цагъар куы зæгъа, уарзын мæ хицауы,
мæ усы æмæ мæ сабиты æмæ мæ сæрибар
нæ хъæуы, зæгъгæ, 6уæд æй йæ хицау бакæ-
нæд Хуыцауы размæ — бакæнæд æй дуармæ
кæнæ дуарæн йæ тарвазмæ — æмæ йын уым
туасæй фæхуынкъ кæнæд йæ хъус, æмæ йæ
хицауæн цагъарæй баззайæд мыггагмæ.
7Иу адæймаг йæ чызджы иннæмæн куы
ауæй кæна, уæд уыцы чызгæн нæлгоймаг
цагъартау ссæрибар уæвæн нæй. 8Йæ хицау
æй куринаг уыди, фæлæ чызг йæ зæрдæмæ
нæ фæцыди, зæгъгæ, уæд бар раттæд, æмæ
йæ фæстæмæ балхæной: чызгыл кæй нæ
баввæрсыди, уый йын æй æцæгæлæттæн
ауæй кæныны бар нæ дæтты. 9Йæ фыртæн
æй куы ракура, уæд ын, йæхи чызг цыма у,
ахæм бартæ раттæд. 10Хицау æй йæхæдæг
куы ракура æмæ ма фæстæдæр æндæр ус
дæр куы ’рхæсса, уæд йæ фыццаг усы хæрд
æмæ дарæсæй ма фæцух кæнæд, ма йæ фе-
нæхай кæнæд бинойнаджы бартæй дæр.
11Ацы æртæ хорзы йын куынæ фæуа, уæд
чызг ссæрибар уæд æнæ фиддонæй.
12Иу иннæйы ныццавта æмæ йæ афтæ-
мæй амардта, зæгъгæ, уæд йæхæдæг дæр
мард æрцæуæд.
13Æцæг ын кæд æнæбары рауад ацы
фыдми — Хуыцауы фæндонæй йын афтæ
рауад, — уæд ын бацамондзынæн, йæ сæр
бафснайынмæ кæдæм алидза, ахæм бынат.
14Барæй, йæ фыр налатæй, чи амара искæй,
уый та амарын хъæуы, Мæ нывондхæссæны
цур йæ сæр куы бафснайа, уæддæр.
15Йæ мад кæнæ йæ фыдмæ йæ къух чи сиса,
уый хъуамæ мард æрцæуа.
16Искæй чи адава æмæ йæ чи ауæй кæна,
науæд давд адæймаджы кæмæ ссарой, уый
хъуамæ мард æрцæуа.
17Йæ мад кæнæ йæ фыды æфхæрæг хъуамæ
мард æрцæуа.
18Хылгæнгæйæ, иу иннæйы дурæй кæнæ
тымбылкъухæй куы ныццæва æмæ, цæф
кæуыл æруад, уый куынæ амæла, фæлæ куы
æруатон уа, 19стæй фæстæдæр куы рабада
æмæ уынгмæ лæдзæджы æнцæйтты цæуын
куы райдайа, уæд йæ ныццæвæг æфхæрд ма
баййафæд, фæлæ йын, йæ куыстæй йæ цы
рæстæг бакъуылымпы кодта, уый æмæ йе
сдзæбæх кæныны аргъ бафидæд.
20Исчи йæ цагъары, нæлгоймаг кæнæ сыл-
гоймаджы, лæдзæгæй куы ныццæва æмæ йæ
афтæмæй куы æрбамара, уæд ахæм хицау
бафхæринаг у. 21Æцæг, цæф кæуыл æруад,
уый ма иу кæнæ дыууæ боны куы ацæра,
уæд хицауы æфхæрын нæ хъæуы, уымæн
æмæ цагъар йæ исбон у.
22Нæлгоймæгтæ хыл кæнынц, æмæ сæ
афтæмæй исчи æнхъæлцау сылгоймаджы
ныццавта, æмæ уый февзæр ис, фæлæ уы-
мæй дарддæр йæхи удæн ницы уыди, зæгъгæ,
уæд, кæй аххосæй фефтыдта, уый сылгой-
магæн бафидæд, йæ сæрыхицау цас зæгъа,
уыйас. 23Сылгоймаг амард, зæгъгæ, уæд та
йæ амарæг дæр хъуамæ мард æрцæуа.
24Цæстæн — цæст. Дæндагæн — дæндаг.
Къухæн — къух. Къахæн — къах. 25Сыгъдæн —
сыгъд. Хъæдгомæн — хъæдгом.
26Исчи йæ цагъары — нæлгоймаг кæнæ
сылгоймаджы — цæст куы ныццæва æмæ
йын æй куы скъаха, уæд æй уыцы цæсты
ныхмæ хъуамæ ссæрибар кæна. 27Йæ дæндаг
ын куы асæтта, уæд æй хъуамæ ссæрибар
кæна уыцы дæндаджы ныхмæ.
28Гал йæ сыкъатæй нæлгоймаг кæнæ сыл-
гоймаджы мæлæтдзаг цæф куы ныккæна,
уæд æй дурты бын фæкæнын хъæуы. Йæ
дзидза йын хæрæн нæй. Галы хицау ницы
аххосджын у. 29Фæлæ кæд, гал цæваг у, уый
йæ хицау зыдта æмæ йæ нæ хъахъхъæдта,
афтæмæй йæ гал нæлгоймаг кæнæ сылгой-
маджы амардта, уæд уыцы галы хъæуы

дурты бын бакæнын, йæ хицауы та — амарын. 30Науæд та хицау йæхи царды ныхмæ бафидæд, цас дзы бацагурой, уыйас. 31Искæй лæппуйы кæнæ чызджы куы ныццæва гал, уæд дæр æххæст кæнын хъæуы ацы уагæвæрд. 32Искæй цагъары — нæлгоймаг кæнæ сылгоймаджы — гал куы ныццæва, уæд галы хицау хъуамæ бафида дæс æмæ ссæдз шекелы æвзист цагъары хицауæн. Галы та дурты бын фæкæнын хъæуы.

33Исчи цъайы сæр куы байгом кæна кæнæ цъай куы скъаха æмæ йæ гомæй куы ныууадза, æмæ уырдæм гал кæнæ хæрæг куы ныххауа, 34уæд ын йæ хицауæн хъуамæ цъайы хицау йæ аргъ бафида, фосы мард та йæхи фæуæд.

35Искæй гал сыхаджы галы мæлæтдзаг цæф куы ныккæна, уæд галты хицæуттæ удæгас галы ауæй кæнæнт æмæ йын йæ аргъ се ’хсæн æмхуызон байуарæнт, галы мард дæр-иу адих кæнæнт æмхуызон. 36Кæд гал уый размæ дæр цæваг уыд, æмæ уый йæ хицау зыдта, фæлæ йæм йæ цæст нæ дардта, уæд-иу галы марды ныхмæ раттæд удæгас гал, галы мард та йæхи фæуæд.

**22** Исчи гал кæнæ фыс куы адава æмæ йæ куы аргæвда кæнæ куы ауæй кæна, уæд-иу галы сæрмæ раттæд фондз галы, фысы сæрмæ та цыппар фысы.

2Давæджы сисы бын къахгæ чи байййафа, афтæмæй йæ чи ныццæва æмæ амара, уый азымджын нæу. 3Фæлæ ацы хъуыддаг хурыскасты фæстæ куы ’рцæуа, уæд марæг азымджын у.

Давæг хъуамæ бафида, фæлæ йæм куы ницы уа, уæд, цы адавта, уый ныхмæ уæйгонд æрцæуæд йæхæдæг. 4Цы адавта, уый йæм — гал уа, хæрæг æви фыс — удæгасæй куы ссарой, уæд-иу æй бафидæд дывæрæй.

5Исчи искæй хуым кæнæ сæндонæн знаггад куы ракæна — йæ фос æм хизынмæ куы бауадза, æмæ йæ куы фесафой, уæд, цы зиан ракæной, уый бафидæд йæхи хуым кæнæ сæндоны æвзаргæ тыллæгæй.

6Исчи арт куы скæна, æмæ арт сыхаджы хуымы какон æмбондыл куы схæца æмæ куыристæ кæнæ æнæкарст хоры хуым куы басудза, уæд арт скæнæг, цы зиан ракодта, уый бафидæд.

7Иу лæг иннæмæ æвзист кæнæ исты дзауматæ æвæрынмæ куы ратта, уымæн сæ йæ хæдзарæй куы адавдæуа æмæ давæджы куы ссарой, уæд сæ давæг дывæрæй бафидæд. 8Давæджы не ссардтой, зæгъæм, уæд та хæдзары хицау Хуыцауы раз æрлæууæд, кæйдæр исбонмæ кæй нæ фæныхылдта, уый сбæлвырд кæныны тыххæй.

9Алы дзырддаг гал, хæрæг, фыс кæнæ уæлæдарæс, цыфæнды сæфт мулчы фæдыл быцæу дæр хъуамæ хаст æрцæуа Хуыцауы тæрхонмæ. Мулкæй, мæн у, зæгъгæ, чи дзура, уыцы дыууæ хъастгæнæгæй Хуыцау азымджыныл кæй банымайа, уый хъуамæ дывæрæй бафида иннæмæн.

10Иу лæг иннæмæ хæрæг, гал, фыс кæнæ æндæр исты фос куы ратта, цæст æм фæдарыны охыл, æмæ фос куы фæхæдмæл, куы фæсахъат уа, йе та тæлæтгонд куы ’рцæуа æмæ уымæн æвдисæн куынæ разына, 11уæд, фосмæ йæ цæст чи дардта, уый Дунедарæджы раз ард бахæрæд, цæмæй сбæлвырд уа, кæйдæр фосмæ кæй нæ фæныхылдта, уый. Фосы хицау ын йæ ардбахæрд сфидар кæнæд, æмæ йæ уæд фидын ницы хъæудзæн. 12Фос давд куы ’рцæуа, уæд та, йæ цæст æм чи дардта, уый фосы хицауæн бафидæд. 13Фосы сырд куы ныттона, уæд ын, йæ цæст æм чи дардта, уый йæ мард йæ хицауæн равдисæд: тынд фос ын фиддон ма уæд.

14Иу лæг иннæмæн йæ фос куы ракура рæстæгмæ, æмæ, фосы хицау йæ разы нæ уыд, афтæмæй йын куы фæсахъат уа кæнæ куы фæхæдмæл уа, уæд ын йæ ныхмæ йæ хицауæн бафидæд. 15Фосы хицау йæ разы уыди, зæгъæм, уæд та фидын нæ хъæуы. Фæлæ фосы кæд æхцайыл райста, уæд уыцы æхца фыст æрцæуæд фосы хицауæн.

16Исчи æнæкуырд чызджы куы фæрæдийын кæна, йемæ æмуат куы ’рцæуа, уæд бафидæд ирæд æмæ йæ ракурæд. 17Фæлæ йын фыд йæ чызджы раттыныл куы не сразы уа, уæд дæр чызджы фыдæн бафидæд ирæды бæрц.

18Кæлæнгæнæг сылгоймаджы удæгасæй ма ныууадз.

19Фосимæ чидæриддæр æриу уа — мард æрцæуæд.

20Æндæр хуыцæуттæн, Дунедарæгæй уæлдай, нывæндтæ чи хæсса, уый æлгъыстаг фæуæд æмæ мард æрцæуæд.

21Æрцæуæггаджы ма хъыгдар, ма ’фхæр, уымæн æмæ уæхæдæг дæр Мысыры зæххыл æрцæуæггæгтæ уыдыстут.

22Идæдз ус æмæ сидзæры ма ’фхæр. 23Куы сæ ’фхæрат, уæд Мæм æххуысагур сдзыназдзысты, æмæ сæ Æз фехъусдзынæн, 24Мæ маст рафыцдзæн, æмæ уæ кардæй ныццæгъддзынæн, æмæ уæ устытæ идæдзæй баззайдзысты, уæ сабитæ — сидзæрæй.

25Мæ адæмы мæгуыртæй искæмæн æв-
зист æфстау куы раттай, уæд æй фылдæрæй,
пайдайыл дæттæгау, ма бацагур. 26Дæ хионы
пæлæз цъынды куы райсай, уæд ын æй хур-
ныгуылдмæ фæстæмæ ратт, 27уымæн æмæ
йын уый йеддæмæ, йæхи цæмæй æрæмбæр-
за, ахæм æндæр ницы ис. Æнæ уымæй куыд
ныххуысдзæн? Куы Мæм сдзыназа, уæд æй
Æз фехъусдзынæн, уымæн æмæ тæригъæд-
гæнаг дæн.
28Хуыцауы ма фау, дæ фæтæджы фыдгой
ма кæн.
29Дæ хоры сæртæ æмæ Мын дæ сæны ху-
ыздæр хæссынмæ фæстиат ма кæн.
Уæ фырттæй хистæр зæнæг чи уа, уый
дæттут Мæнæн. 30Афтæ — уе стуртæ æмæ
лыстæг фосы зæйц дæр: авд боны-иу фæ-
уæнт сæ мадæлты раз фыццаг нæл род æмæ
фыццаг нæл уæрыкк, æстæм бон сæ Мæнæн
ратт. 31Сымах Мын хъуамæ сыгъдæг адæм
уат, æмæ, сырд кæй аргæвда, ахæм фосы фыд
макуы бахæрут, куыйтæн-иу æй аппарут.

**23** Дам-думтæ ма хæлиу кæн. Тæрхондоны
фыдгæнæджы фарс ма рахæц — мæнгæвди-
сæн ын ма ныллæу.
2Адæмæн сæ фылдæр галиу хъуыддаджы
фарс сты, зæгъгæ, уæд ды уыдоны ма фæзм
æмæ тæрхоны мидæг рæстдзинады сæрты ма
хиз фылдæры зæрдæ балхæнынæн. 3Мæгуыр
лæгæн дæр тæрхондоны фарсласæн ма кæн.
4Де знаджы фос — гал уа æви хæрæг — куы
фæдзæгъæл уа æмæ йыл афтæмæй искуы дæ
цæст куы ’рхæца, уæд æй æвæстиатæй йæ
хицаумæ баздах. 5Дæ фыдгулы хæрæг йæ
уаргъы бын æрхауди, уый куы фенай, уæд
йæ иувæрсты ма ацу — хæрæджы хицаумæ
фæкæс, æмæ йæ сыстын кæнут иумæ.
6Раст æвзар дæ мæгуыр æфсымæры хъаст.
7Дæхи хиз галиу тæрхон рахæссынæй, æна-
зым æмæ рæстаджы ма амарын кæн — ахæм
фыдгæнæг Мæ азарæй нæ аирвæздзæн. 8Гæр-
тæмттæ ма ис. Гæртам цæстджыны куырм
кæны, раст æвдисæнæн йæ хъару сæтты.
9Æрцæуæггаджы ма ’фхæр. Сымах зо-
нут, æцæгæлон зæххыл цæрын куыд зын у,
уый: уæхæдæг дæр Мысыры æрцæуæггæгтæ
уыдыстут.
10Æхсæз азы дæргъы таут уæ хуымтæ æмæ
сын æфснайут сæ бæркад, 11фæлæ-иу сæ
æвдæм аз мауал байтаут. Йæхигъæдæй уæ
хуымты цы ’рзайа, уый-иу хæрæнт уæ адæмы
мæгуыртæ, уыдоны уæлдæйттæ та — сырдтæ.
Афтæ-иу бакæнут уæ сæндæттæ æмæ уæ
оливæ бæлæстæн дæр.
12Æхсæз боны дæргъы кæнут уæ хъуыд-
дæгтæ, æвдæм бон та уын уæд æнцойы бон,
цæмæй баулæфой уæ галтæ æмæ уæ хæрджы-
тæ дæр, сæ фæллад суадзой уæ цагъайраг
сылгоймæгты фырттæ æмæ æрцæуæггæгтæ.
13Æххæст кæнут, цыдæриддæр уын бафæ-
дзæхстон, уыдон. Æндæр хуыцæуттæн ма
кувут, сæ нæмттæ уæ дзыхæй дæр ма хауæнт.
14Афæдзæй-афæдзмæ Мын бæрæгбон кæ-
нут æртæ хатты. 15Фыццаджыдæр, бæрæг
кæнут Донгонд дзулты бæрæгбон. Куыд уын
бафæдзæхстон, афтæ — авивы мæйы (уыцы
мæй рацыдыстут Мысырæй) нысангонд бон-
ты, авд боны дæргъы, хæрут донгонд дзултæ.
Афтидармæй уæ Мæ размæ мачи æрбацæуæд.
16Бæрæг кæнут Къуырийы бæрæгбон — уæ
хуымты цы хор байтыдтат, уымæн йæ фыц-
цаг тыллæджы бæрæгбон. Ноджы ма афæ-
дзы кæрон бæрæг кæнут Тыллæгæфснайæн
дæр. 17Уæ нæлгоймæгтæ се ’ппæт дæр афæдз
æртæ хатты хъуамæ æрлæууой Бардарæг
Дунедарæджы раз.
18Кусарт Мын куы кæнат, уæд-иу уæ ку-
сæрттаджы туг æнхъизæнæй конд дзулыл
ма ’ркæлæд. Мæ бæрæгбæтты нывæндты
фиу райсоммæ макуы ныууадзут.
19Дæ хуымы хоры сæртæ-иу æрбахæсс дæ
Хуыцауы — Дунедарæджы хæдзармæ.
Сæныччы йæ мады æхсыры ма фыц.
20Мæ зæды уын æрвитын уæ разæй, цæ-
мæй уæ хъахъхъæна фæндагыл æмæ уæ
бахæццæ кæна, цы бынат уын æрцæттæ
кодтон, уырдæм. 21Нымайут æй æмæ йæм
хъусут. Йæ ныхмæ ма рацæут — нæ уын ныб-
бардзæн, уымæн æмæ йæ мидæг цæры Мæ
ном. 22Куы йæм хъусат æмæ, Æз цы зæгъон,
уый куы æххæст кæнат, уæд уыдзынæн уæ
фыдгулты фыдгул æмæ уе ’фхæрджыты æф-
хæрæг. 23Мæ зæд ацæудзæн уæ разæй æмæ
уæ бакæндзæн аморæгтæм, хеттæгтæм, пе-
риззæгтæм, ханаанæгтæм, хиввæгтæм æмæ
йевусæгтæм — æмæ Æз бабын кæндзынæн
уыцы адæмты. 24Сымах-иу сын се ’наккаг
митæ ма бафæзмут: сæ хуыцæуттæм сын
мадæр кувгæ кæнут, мадæр сын лæггад кæ-
нут. Сфæлдахут сын сæ гуымирытæ æмæ сын
ныппырх кæнут сæ табуйаг дуртæ.
25Лæггад кæнут Дунедарæгæн, уæ Хуы-
цауæн — уæд уын раарфæ кæндзынæн уæ
къæбæр æмæ уæ донæн, фæсурдзынæн уын
уæ низтæ. 26Нæ-иу фефхæлц уыдзысты уæ
сылгоймæгтæ, нæ уын уыдзысты æнæзæнæг.
Уæ царды бонтæ уын баххæст кæндзынæн.

**23:16** Фæстæдæр йæ ном – Халагъудты бæрæгбон.

27 Уæ разæй уын арвитдзынæн Мæ азар,
æмæ-иу цы адæмтæм бацæуат, уыдонæн
сæ сæр сæ кой суыдзæн, уæ фыдгултæ-иу
лидзæг фæуыдзысты. 28 Фыд азар уын арвит-
дзынæн уæ разæй, æмæ удаистæй лидздзыс-
ты хиввæгтæ, ханаанæгтæ æмæ хеттæгтæ.
29 Æцæг сæ æвæстиатæй — иу афæдзмæ — нæ
асурдзынæн, цæмæй бæстæ ма федзæрæг уа
æмæ хъæддаг сырдтæ ма сбирæ уой уæ алы-
варс æмæ уæ ма стыхсын кæной. 30 Чысылгай
сæ сурдзынæн, цалынмæ уæхæдæг сбирæ уат
æмæ уыцы бæстæ иууылдæр уæхи бакæнат,
уæдмæ. 31 Уæ зæххытæ уын айтындздзынæн
Сырх денджызæй Филистимаг денджызы онг
æмæ æдзæрæг быдырæй Евфраты онг. Бæс-
тæйы æппæт цæрджыты дæр уын ратдзынæн
уæ къухтæм æмæ сæ фæсурдзыстут уæ разæй.
32 Мадæр-иу семæ, мадæр сæ хуыцæуттимæ
саразут фидыд. 33 Уыцы адæмтæ хъуамæ ма
цæрой сымах зæххыл, науæд уæ фæтæри-
гъæдджын кæндзысты — Мæ ныхмæ уæ
сардаудзысты. Уыдоны хуыцæуттæн лæггад
кæнгæйæ, сымах цъысымы бахаудзыстут».

**24** Дунедарæг Моисейæн загъта: «Ссу Мæм
хохы сæрмæ. Демæ ракæн Аарон, Надав æмæ
Авигуйы æмæ Израилы хистæртæй дæс æмæ
æртиссæдз лæджы. Дардæй-иу Мæм бакувут.
2 Дæу йеддæмæ Мæм уыдонæй æввахс мачи
æрбацæуæд. Иннæ адæмæн демæ хохмæ
ссæуæн нæй».
3 Моисей адæммæ бацыд æмæ сын Дуне-
дарæджы фæдзæхстытæ æмæ уагæвæрдтæ
иууылдæр рафæзмыдта. Адæм æмдзыхæй
загътой: «Дунедарæг цы зæгъа, уый æххæст
кæндзыстæм». 4 Уæд Моисей ныффыста Ду-
недарæджы фæдзæхстытæ æмæ уагæвæрдтæ.
Райсомæй раджы хохрæбын скодта нывонд-
хæссæн æмæ сæвæрдта дыууадæс дуры, Из-
раилы дыууадæс хæдзарвæндаджы номыл.
5 Израилы æрыгон лæппутæн загъта, æмæ
æрбакодтой галтæ — Дунедарæгæн æрхастой
иууылсудзинаг æмæ фидыды нывæндтæ.
6 Моисей тугæн йæ иу æмбис ныккодта къус-
ты, йæ иннæ æмбис та йын бапырх кодта
нывондхæссæныл. 7 Стæй райста Фидыды
уагæвæрдты чиныг æмæ йæ хъæрæй бакаст
адæмæн. Адæм загътой: «Дунедарæгмæ хъус-
дзыстæм, æххæст кæндзыстæм, цыдæриддæр
нын бафæдзæхста, уый». 8 Уæд Моисей райста
тугæй æмæ дзы бапырх кодта адæмыл. Загъта:
«Уый у, Дунедарæг сымахимæ Йæ уагæвæрдты
бындурыл кæй сарæзта, уыцы фидыды туг».
9 Уый фæстæ Моисей, Аарон, Надав, Авигу
æмæ Израилы дæс æмæ æртиссæдз хистæры
ссыдысты хохы сæрмæ 10 æмæ федтой Из-
раилы Хуыцауы. Йæ къæхты бын уыдис
цыдæр, сапфир-дурæй астæрды хуызæн,
арвау сыгъдæг. 11 Æмæ Хуыцау Йæ къух нæ
систа Израилы фæтæгтæм: уыдон федтой
Хуыцауы æмæ минас кодтой уыцы ран.
12 Дунедарæг Моисейæн загъта: «Ссу Мæм
хохы сæрмæ. Æз дæм ратдзынæн, ацы адæ-
мæн Мæ фæдзæхстытæ æмæ уагæвæрдтæ цы
къæйдуртыл ныффыстон, уыдон. Адæмæн-
иу бацамон, цы сæ домын, уый». 13 Æмæ Мо-
исей йе ’ххуысгæнæг Йешуаимæ ссыди хохы
сæрмæ. 14 Уый размæ Израилы хистæртæн та
загъта: «Ам лæууут, цалынмæ мах фæстæмæ
здæхæм, уæдмæ. Мæнæ Аарон æмæ Хур уы-
дзысты уемæ, æмæ уæ исты хъуыддаг кæмæ
уа, уый-иу æй уыдонæн зæгъæд». 15 Уыйадыл
Моисей хохы сæрмæ ссыд.
Мигъ бадти хохыл: 16 уый Дунедарæджы
кад æрцыди Синайы хохмæ. Æхсæз боны
дæргъы хох мигъæй нæ зынд. Æвдæм бон
Дунедарæг мигъы хуылфæй фæсидти Мои-
сеймæ. 17 Пиллæттæ уадзæг артау зынди хохы
сæрæй Дунедарæджы кад израилæгтæм.
18 Моисей мигъы бацыд æмæ хохы сæрмæ
ссыд. Хохы сæр Моисей фæци дыууиссæдз
боны æмæ дыууиссæдз æхсæвы.

**25** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2 «Израи-
лæгтæн зæгъ, æмæ Мын мысайнæгтæ æрæм-
бырд кæной. Кæй цы фæнды, уый раттæд.
3 Æмбырд кæнут ахæм лæвæрттæ: сыгъзæ-
рин, æвзист æмæ æрхуы, 4 æрвхуыз, тар сырх
æмæ сæнт сырх тæбын, лыстæг гæнæй уафт
хъуымæцтæ æмæ тинтъычъи, 5 æлдыгъгонд
æмæ сырххахуырст фысдзæрмттæ, гогырæ
сæрак æмæ акъацийы хъæдæрмæг, 6 оли-
вæйы сой — цырагъæн, хæрздæфгæнæн-
тæ — сæрдæн сойæн æмæ будæн, 7 оникс
æмæ фæлгæты бавæргæ æндæр зынаргъ
дуртæ — ефод æмæ риуылдарæн фæлынды-
нæн. 8 Израилæгтæ Мын саразæнт Уаз Цæрæн,
цæмæй се ’хсæн цæрон. 9 Скæнут Мын Цатыр
æмæ йе ’ппæт дзауматæ, Æз дын цы хуызæг
равдисдзынæн, уымæ гæсгæ.
10 Акъацийæ саразæнт Фидыды Чырын, йæ
дæргъ — дыууæ æлмæрины æмæ æрдæг, йæ
уæрх — æлмæрин æмæ æрдæг, йæ бæрзæнд —
æлмæрин æмæ æрдæг. 11 Мидæгæй дæр æмæ
йæ æдде дæр сыгъдæг сыгъзæринæй састæр,
йæ кæрæттыл ын сыгъзæрин мæскъ ауадз.
12 Сараз цыппар сыгъзæрин цæджы æмæ
сæ бафидар кæн Фидыды Чырыны цыппар
къахыл: дыууæ цæджы — йæ иу фарсыл,
дыууæ та — йæ иннæ фарсыл. 13 Акъацийæ

скæн хъилтæ æмæ сæ сыгъзæринæй састæр.
14Хъилтæ — Фидыды Чырын хæссынæн, йæ
фæйнæфарс сæ цæгты батъысс. 15Æдзухдæр
хъуамæ цæгты тъыст уой — уырдыгæй сын
исæн нæй. 16Фидыды Чырыны-иу нывæр,
къæйдуртыл фыстæй дын цы фæдзæхстытæ
ратдзынæн, уыдон.

17Фидыды Чырынæн йæ сæр скæн сыгъ-
дæг сыгъзæринæй: йæ дæргъ — дыууæ æл-
мæрины æмæ æрдæг, йæ уæрх — æлмæрин
æмæ æрдæг. 18-19Йæ фæйнæ кæроныл ын
ныффидар кæн сыгъзæрины фæйнæ æнæ-
хъæн къæрттæй арæзт дыууæ херувимы.
20Се ’ргом — кæрæдзимæ, сæ цæстæнгас —
Фидыды Чырыны сæрмæ, херувимтæ йын
сæ хæрдмæтыгъд базыртæй æмбæрздзыс-
ты йæ сæр. 21Фидыды Чырыны нывæр, цы
фæдзæхстытæ дын ратдзынæн, уыдон æмæ
йыл йæ сæр æрæвæр. 22Æз-иу дæм раргом
уыдзынæн Фидыды Чырыны сæрмæ, дыууæ
херувимы астæу, æмæ дæу уылты израилæг-
тæн Мæ фæдзæхстытæ хъусын кæндзынæн.

23Акъацийæ сараз фынг, йæ дæргъ — æл-
мæрин æмæ æрдæг, йæ уæрх — æлмæрин, йæ
бæрзæнд — æлмæрин æмæ æрдæг. 24Састæр
æй сыгъдæг сыгъзæринæй, стæй йын йæ
алыварс сыгъзæрин мæскъ ауадз. 25Фын-
джы кæрæтты скæн армытъæпæны бæрзæн-
дæн сис æмæ йыл сыгъзæрин мæскъ ауадз.
26Сыгъзæринæй сараз цыппар цæджы æмæ
сæ бафидар кæн фынджы къæхты сæрмæ,
йæ цыппар фисыны. 27Хъуамæ цæгтæ æнгом
бацæуой сисмæ — хъилтæ-иу сæ атъысдзыс-
ты, фынг æндæр ранмæ хæссын куы хъæуа,
уæд. 28Фынгхæссæн хъилтæ скæн акъацийæ
æмæ сæ састæр сыгъзæринæй. 29Сыгъдæг
сыгъзæринæй скæн тæбæгътæ, сæнæн та —
къустæ, куыситæ, хъуыраутæ æмæ хъалацтæ.
30Фынгыл хъуамæ æвæрай дзултæ — æдзух
Мæ разы чи хъуамæ уа, уыдон.

31Сыгъдæг сыгъзæринæй рацæгъд цы-
рагъдарæн, йе ’ппæт хæйттæ дæр — йæ зæнг,
йæ къалиутæ æмæ йæ къусгæндтæ, уыдоны
бын тымбылæгтæ æмæ дидинсыфтæ — иу
æнæхъæн къæрттæй куыд уой, афтæ. 32Цы-
рагъдарæныл хъуамæ уа æхсæз къалиуы:
æртæ къалиуы — иуæрдыгæй, æртæ — ин-
нæрдыгæй. 33Алы къалиуыл дæр уæд æртæ
къусчы, миндал-æхсæры дидинкъусчы ху-
ызæттæ, æд тымбылæгтæ æмæ æд дидин-
сыфтæ. 34Цырагъдарæнæн йæ зæнгыл уæд
цыппар къусчы, миндал-æхсæры дидин-
къусчы хуызæттæ, æд тымбылæгтæ æмæ
æд дидинсыфтæ. 35Фыццаг дыууæ къалиуы
бынмæ — тымбылæг, дыккаг дыууæ къалиуы
бынмæ — тымбылæг æмæ æртыккаг дыууæ
къалиуы бынмæ — тымбылæг; афтæ хъуамæ
уа цырагъдарæны æхсæз къалиуы бынмæ
дæр. 36Цырагъдарæн æнæхъæнæй дæр — æд
къусчытæ, æд тымбылæгтæ, æд дидинсыфтæ,
æд къалиутæ, æд зæнг — хъуамæ уа сыгъдæг
сыгъзæрины æнæхъæн къæрттæй цагъд.
37Цырагъдарæнæн скæн авд цырагъы æмæ
йыл сæ æрæвæр, цæмæй йын рухс кæной
йæ раз. 38Сыгъдæг сыгъзæринæй йын скæн
æртыскæн æмæ фыййæгтæ. 39Йе ’ппæт дзау-
матимæ йыл бахардз кæн сыгъдæг сыгъзæ-
рины иу талант.

40Хъусыс, хохыл дын кæй равдыстæуыд,
уый халдих куыд уа, æппæт дæр афтæ сараз.

**26** Цатырæн сцæттæ кæн дæс уæфтæджы —
здыхт гæнæй, æрвхуыз, тар сырх æмæ сæнт
сырх тæбынæй. Сæ уæлæ — херувимты дæс-
ны уафт фæлгонцтæ. 2Алы уæфтæгæн дæр йæ
дæргъ — аст æмæ ссæдз æлмæрины, йæ уæрх
та — цыппар æлмæрины. Иууылдæр хъуа-
мæ æмиæстæ уой. 3Алы фондз уæфтæджы
дæр иумæ бахуый, дыууæ егъау æмбæрзæ-
ны сæ куыд рауайа, афтæ. 4-5Æмбæрзæнты
кæройнаг уæфтæгтыл дæргъæй-дæргъмæ
скæн фæйнæ дæс æмæ дыууиссæдз æрвхуыз
сæхтæджы, иу æмбæрзæны сæхтæджытæ
иннæйы сæхтæджытимæ æмных куыд уой,
афтæ. 6Сараз дæс æмæ дыууиссæдз сыгъзæ-
рин къæпсыры æмæ уыдонæй кæрæдзимæ
баиу кæн дыууæ æмбæрзæны, æмæ сæ ра-
уайдзæн Уаз Цæрæн.

7Тинтычъийæ сцæттæ кæн иуæндæс уæф-
тæджы — Цатыры цар æмбæрзынæн. 8Алы
уæфтæгæн дæр йæ дæргъ уæд дæс æмæ
ссæдз æлмæрины, йæ уæрх та — цыппар
æлмæрины. Иууылдæр хъуамæ æмиæстæ
уой. 9Фондз уæфтæджы дзы кæрæдзимæ
бахуый, æхсæз уæфтæджы — кæрæдзимæ
(æхсæзæм уæфтæг дыдагъæй Цатырæн йæ
бацæуæны сæрмæ æруадз). 10Æмбæрзæнтæй
иуы кæройнаг уæфтæгыл бахуый дæс æмæ
дыууиссæдз сæхтæджы, иннæ æмбæрзæны
кæройнаг уæфтæгыл дæр бахуый дæс æмæ
дыууиссæдз сæхтæджы — дыууæ æмбæр-
зæны баиу кæныны охыл.

11Сараз дæс æмæ дыууиссæдз æрхуы къæп-
сыры æмæ сæ сæхтæджытимæ кæрæдзиуыл
фæхæцын кæн, цæмæй дыууæ æмбæрзæнæй
рауайа иу — царæмбæрзæн. 12Æмбæрзæны
уæлдай, уæфтæгæй цы æмбис баззади, уый
æруадз Цатыры фæстаг къулыл, 13уæфтæгты

**25:39** Талант – уæзбарæн иуæг, 40 килограммы бæрц.

уæлдай та — иуæрдыгæй дæр æмæ иннæрды-
гæй дæр æлмæрины йас — æруадз Цатыры
фæрстыл, къултæ дæр æмбæрзт куыд æр-
цæуой, афтæ. 14Скæнут-ма цатыры сæрæн
ноджыдæр иу æмбæрзæн — сырхахуырст
фысдзæрмттæй, уый уæлæ та æрæвæрут
æндæр æмбæрзæн — гогырæ сæракæй.
15Цатыры къултæн скæнут акъаци фæл-
гæттæ: 16алкæмæн дæр дзы йæ дæргъ — дæс
æлмæрины, йæ уæрх — æлмæрин æмæ æр-
дæг. 17Хъуамæ алы фæлгæт дæр арæзт æр-
цæуа кæрæдзимæ баиугонд дыууæ хъæ-
дæй. Цатыры къулты фæлгæттæ иууылдæр
хъуамæ уой ахæмтæ. 18Хуссарварс къулæн
скæн ссæдз фæлгæты 19æмæ дыууиссæдз
æвзист бынæнцайæны, алы фæлгæтæн дæр —
дыууæ, йæ дыууæ хъæдæн. 20Цæгатварс
къулæн дæр скæн ссæдз фæлгæты 21æмæ
дыууиссæдз æвзист бынæнцайæны, алы
фæлгæтæн дæр — дыууæ. 22Цатыры фæстаг,
ныгуылæнварс, къулæн скæнут æхсæз фæл-
гæты, 23фæстаг дыууæ фисынæн та — фæйнæ.
24Уыцы дыууæ фæлгæты хъуамæ бынæй уой
саджилгонд, уæлейæ та (фыццаг цæг кæм ис,
уым) — æнæхъæн. Ахæм фæлгæттæ хъуамæ
уой дыууæ, алы фисынæн дæр — фæйнæ.
25Уыцы аст фæлгæтæн скæнын хъæуы æх-
сæрдæс æвзист бынæнцайæны, алы фæлгæ-
тæн дæр — дыууæ.
26Акъацийæ скæн уæладзæнтæ, фондз —
Цатырæн йæ иу фарсы фæлгæттæ баиу кæ-
нынæн, 27фондз — йæ иннæ фарсы фæлгæттæ
баиу кæнынæн, фондз та — йæ фæстаг фарсы
фæлгæттæ баиу кæнынæн — ныгуылæнæр-
дыгæй. 28Астæуккаг уæладзæн хъуамæ ацæуа
фæлгæтты ’хсæнты — иу кæронæй иннæ кæ-
ронмæ. 29Фæлгæттæ састæр сыгъзæринæй,
сыгъзæринæй скæн цæгтæ, уæладзæнтæ дзы
батъыссынæн, æмæ уæладзæнтæ дæр састæр
сыгъзæринæй. 30Цатыр æрæвæр, хохы сæр
дын амынд куыд æрцыди, афтæ.
31Бауаф мидæмбæрзæн æрвхуыз, тар сырх
æмæ сæнт сырх тæбын æмæ здыхт гæнæй.
Йæ уæлæ — херувимты дæсны уафт фæл-
гонцтæ. 32Æрцауындз æй сыгъзæринастæрд
цыппар акъаци цæджындзыл, сыгъзæрин
къæпсыртæ сыл, цæджындзтæн — цыппар
æвзист бынæнцайæны. 33Мидæмбæрзæн
æрцауындз къæпсыртыл æмæ йын Фидыды
Чырын сæвæр йæ фæстæ. Уыцы мидæмбæр-
зæн уыдзæни Рухсмонуат æмæ Уаз бынаты
’хсæн æмæ сæ кæрæдзийæ хицæн кæндзæ-
ни. 34Фидыды Чырынæн Рухсмонуаты йæ
сæр йæ уæлæ сæвæр. 35Мидæмбæрзæны
раз æрæвæр фынг, фынджы бакомкоммæ
та — цырагъдарæн. Цырагъдарæн Цатырæн
хъуамæ лæууа йæ хуссарварс, фынг та — йæ
цæгатварс.
36Цатырмæ бацæуæнæн дæр бауафын кæн
нывæфтыд дуарæмбæрзæн. Хъуамæ уа æрв-
хуыз, тар сырх æмæ сæнт сырх тæбынæй
æмæ здыхт гæнæй. 37Ацы дуарæмбæрзæнæн
скæн фондз акъаци цæджындзы, састæр сæ
сыгъзæринæй æмæ сыл бакæн сыгъзæрин
къæпсыртæ. Цæджындзтæн æрхуыйæ ра-
цæгъд фондз бынæнцайæны.

**27** Акъацийæ сараз нывондхæссæн: фондз
æлмæрины — дæргъмæ дæр æмæ уæрхмæ
дæр, йæ бæрзæнд та — æртæ æлмæрины.
2Йæ цыппар тигъыл ын скæн фæйнæ сы-
къайы, нывондхæссænимæ иу куыд уой,
афтæ, æмæ йæ иууылдæр састæр æрхуыйæ.
3Сараз фæныкхæссæн тастæ, фыййæгтæ,
тугæмбырдгæнæн кæхцытæ, фыдистæ æмæ
цæхæрисæн кæфойтæ. Иууылдæр сæ скæн
æрхуыйæ. 4Нывондхæссæнæн æрхуыйæ
сараз хызæг æмæ йын йæ цыппар къуы-
мы бафидар кæн фæйнæ æрхуы цæджы.
5Нывондхæссæны мæсчъы бын æй бафидар
кæн, нывондхæссæнæн йæ астæумæ куыд
æххæсса, афтæ. 6Нывондхæссæнæн акъаци-
йæ скæн хъилтæ æмæ сæ састæр æрхуыйæ.
7Нывондхæссæн йæ бынатæй куы хæссат,
уæд-иу уыцы хъилтæ, йæ фæйнæфарс цы
цæгтæ ис, уыдоны акæндзыстут. 8Нывонд-
хæссæн сараз фæйнæгæй, мидæгæй афтид
куыд уа, афтæ. Саразын æй хъæуы, хохыл
дын куыддæриддæр равдыстæуыд, афтæ.
9Цатырæн йæ алыварс скæнут кæрт. Хус-
сарæрдыгæй йе ’мбонд-æмбæрзæн, здыхт
гæнæй уафт, дæргъмæ — фондзыссæдз æл-
мæрины, 10ссæдз цæджындзыл ауыгъд, фæй-
нæ æрхуы бынæнцайæнимæ. Цæджындзтыл
уæд æвзист къæпсыртæ æмæ æвзист тæлытæ.
11Цæгатæрдыгæй дæр йе ’мбонд-æмбæр-
зæн — фондзыссæдз æлмæрины дæргъæн,
ссæдз цæджындзыл ауыгъд, алы цæджындз
дæр — æрхуы бынæнцайæныл. Цæджындз-
тыл, кæрæдзимæ сæ бафидар кæнынæн, уæд
æвзист къæпсыртæ æмæ æвзист тæлытæ.
12Ныгуылæнæрдыгæй æмбонд-æмбæр-
зæн — кæрты уæрхæн, дæс æмæ дыууиссæдз
æлмæрины, дæс цæджындзыл ауыгъд, фæй-
нæ бынæнцайæнимæ.
13Кæрты уæрх скæсæнæрдыгæй уæд дæс
æмæ дыууиссæдз æлмæрины. 14-15Кулдуары
рахизфарс æмæ галиуфарс æмбонд-æмбæр-
зæнтæн сæ дæргъ уæд фæйнæ фынддæс
æлмæрины, сæ дыууæ дæр уæнт æртыгай

цæджындзтыл ауыгъд, фæйнæ бынæнца-
йæнимæ. [16]Кулдуарæн бауаф нывæфтыд
дуарæмбæрзæн, ссæдз æлмæрины дæргъæн.
Хъуамæ уа æрвхуыз, тар сырх æмæ сæнт
сырх тæбынæй æмæ здыхт гæнæй. Кулд-
уарæн уæд цыппар цæджындзы, фæйнæ
бынæнцайæнимæ.

[17]Кæрты цæджындзтæн се 'ппæт къæпсыр-
тæ æмæ иугæнæн уистæ дæр уæнт æвзистæй,
сæ бынæнцайæнтæ та æрхуыйæ. [18]Кæртæн
йæ дæргъ — фондзыссæдз æлмæрины, йæ
уæрх — дæс æмæ дыууиссæдз æлмæрины,
здыхт гæнæй уафт æмбонд-æмбæрзæны
бæрзæнд — фондз æлмæрины. Цæджындз-
тæн — æрхуы бынæнцайæнтæ.

[19]Цатыры æппæт дзаумæттæ, цатыры æмæ
кæртæмбæрзæны михтæ иуулдæр хъуамæ
уой æрхуыйæ.

[20]Израилæгтæн бафæдзæхс, цæмæй-иу
дæм цырагъдарæнæн æрбахæссой къухæй
лæмæрст сыгъдæг оливæйы сой — цырагъ-
дарæны цырæгътæ кæддæриддæр куыд
судзой. [21]Аарон æмæ йæ фырттæ сæ цæст
дарæнт, цæмæй цырагъдарæны цырæгътæ
изæрæй райсоммæ судзой Дунедарæджы
раз — Фембæлды Цатыры мидæг, Фидыды
Чырын цы мидæмбæрзæны фæстæ ис, уый
раз. Уый — мыггагмæйы уагæвæрд израи-
лæгтæн фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

**28** Израилæгты 'хсæнæй фæсид де 'фсымæр
Ааронмæ æмæ йæ фырттæм, цæмæй уыдон
Мæ сауджынтæ уой: Аарон æмæ йæ фырттæ
Надав, Авигу, Елеазар æмæ Итамар. [2]Де 'фсы-
мæр Ааронæн скæнын кæн уаз дарæстæ — кад
æмæ рæсугъддзинады нысанæн. [3]Се скæнын
сын, ахæм дæсныйад кæмæн радтон, уыцы
арæхстджынтæн бафæдзæхс, æмæ Мын Ааро-
ны сауджынлæггадæн снывонд кæн. [4]Аарон
æмæ йæ фырттæн сцæттæ кæнæнт ахæм уаз
дарæс: риуылдарæн, ефод, пæлæз, нывæ-
фтыд хæдон, сарыхъ æмæ рон, цæмæй Мын
сауджынлæггад кæной. [5]Уыдæттæ скæнынæн
райсæнт сыгъзæрин, стæй æрвхуыз, тар сырх
æмæ сæнт сырх тæбын æмæ лыстæг гæн.

[6]Ефод скæнæнт сыгъзæрин æндахæй, æрв-
хуыз, тар сырх æмæ сæнт сырх тæбынæй
æмæ здыхт гæнæй, нывæфтыдтимæ. [7]Ефо-
ды дыууæ кæроныл хъуамæ фидаргонд уа
дыууæ уæхскбосы. [8]Ефодæн йæ астæубос
дæр хъуамæ уа, йæхæдæг цæмæй у, уымæй:
сыгъзæрин æндахæй, æрвхуыз, тар сырх
æмæ сæнт сырх тæбынæй æмæ здыхт гæнæй.

[9]Райс дыууæ оникс дуры æмæ сыл скъах
Израилы фыртты нæмттæ: [10]æхсæз номы
куыд хистæрæй скъах иу дурыл, æхсæз та —
иннæ дурыл. [11]Уыцы дыууæ дурыл Израилы
фыртты нæмттæ скъах, дурыл мыхуыр куыд
скъахынц, афтæ. Дуртæ бавæр сыгъзæрин
фæлгæтты [12]æмæ сæ бафидар кæн ефоды
уæхскбостыл. Уыцы дуртæ — Израилы фырт-
ты мысынæн. Аарон сын Дунедарæджы раз
сæ нæмттæ хæссæд йæ дыууæ уæхскыл —
мысынæн. [13]Сыгъзæрин фæлгæттæ сараз,
[14]сыгъдæг сыгъзæринæй сараз бæндæнау
здыхт дыууæ рæхысы æмæ сæ фæлгæттæм
бафидар кæн.

[15]Ноджы ма скæн Дунедарæджы амындты-
ты риуылдарæн, уый дæр, ефодау, — сыгъ-
зæрин æндæхтæй, æрвхуыз, тар сырх æмæ
сæнт сырх тæбынæй, стæй здыхт гæнæй,
нывæфтыдтимæ. [16]Уæд цыппæрдигъон,
дæргъмæ дæр æмæ уæрхмæ дæр — уылынг,
дыдагъ уæфтæгæй конд. [17]Риуылдарæныл
скæн фæлгæттæ зынаргъ дурты цыппар
рæнхъæн. Фыццаг рæнхъы уыдзысты лал,
топаз, изумруд; [18]дыккаджы — малахит, сап-
фир, алмаси; [19]æртыккаджы — гиацинт, агат,
аметист; [20]цыппæрæмы — хризолит, оникс,
яшмæ. Бавæрын сæ хъæудзæни сыгъзæрин
фæлгæтты. [21]Дуртæ нымадæй уæнт дыууа-
дæс, Израилы фыртты нæмттимæ: мыхуы-
рыл фыст куыд скъахынц, афтæ сыл къахт
æрцæуæнт Израилы дыууадæс хæдзарвæн-
даджы нæмттæ, алы дурыл дæр — иу ном.

[22]Риуылдарæнæн сыгъдæг сыгъзæринæй
сараз здыхтбыд рæхысбостæ. [23]Скæн дыууæ
сыгъзæрин цæджы æмæ сæ риуылдарæнæн
йæ дыууæ къуымы бафидар кæн, [24]дыууæ
здыхтбыд рæхысбосæй сæ баиу кæн [25]дыууæ
фæлгæтимæ, фæлгæттæ та ефоды уæхскбос-
тæм бафидар кæн разæрдыгæй.

[26]Нодж ма скæн дыууæ сыгъзæрин цæ-
джы æмæ сæ риуылдарæны бинаг дыууæ
къуымыл мидæджырдыгæй, риуылдарæн
ефодимæ кæм иу кæны, уым бафидар кæн.
[27]Нодж ма скæн дыууæ сыгъзæрин цæджы
æмæ сæ бафидар кæн ефоды раззаг хайыл,
бынæй, ефодæн йæ астæубосы сæрмæ. [28]Ри-
уылдарæны бинаг цæгтæ ефоды цæгтимæ
баст æрцæуæнт æрвхуыз синагæй, астæу-
босы сæрмæ риуылдарæн ефодыл æнгом
куыд бада, афтæ.

[29]Аарон, Уаз Цæрæнмæ цæугæйæ, йæ ри-
уыл — риуылдарæныл — хæссæд Израилы
фыртты нæмттæ, Дунедарæджы раз сæ æнæ-
сцухæй мысыны охыл.

[30]Амындтыты риуылдарæны бавæр урим
æмæ туммим, хъуамæ уой Аароны риуыл,
Дунедарæджы размæ-иу куы цæуа, уæд.

Аарон Дунедарæджы раз куы лæууа, уæд
кæддæриддæр йæ риуыл уæнт Дунедарæ-
джы амындтытæ Израилы адæмæн.
31Ефоды бын дарынæн скæн пæлæз, æга-
сæй дæр — æрвхуыз. 32Пæлæзы астæуæй уæд
къæртт — сæрыл æркæнынæн. Йæ кæрæттыл
уæд фидар уæфтæджы уадздзаг хуыд, цæ-
мæй ма скъуыйа. 33Пæлæзы фæччийыл кæ-
рæй-кæронмæ æрвхуыз, тар сырх æмæ сæнт
сырх тæбынæй скæн гранаты дыргъты æнгæс
тымбылæгтæ, уыдоны ’хсæнты та æрцауындз
сыгъзæрин дзæнгæрджытæ. 34Фæччитыл кæ-
рæй-кæронмæ, æхсæнмæ-æхсæнты — сыгъ-
зæрин дзæнгæрæг æмæ тымбылæг, сыгъ-
зæрин дзæнгæрæг æмæ тымбылæг. 35Уыцы
пæлæз хъуамæ уа Аароныл, лæггад куы кæна,
уæд, цæмæй Уаз Цæрæнмæ, Дунедарæджы
размæ, цæугæйæ, стæй уырдыгæй фæстæ-
мæ цæугæйæ дæр, хъуыса дзæнгæрджыты
зæлланг, — науæд амæлдзæн.
36Сараз уадздзаг сыгъдæг сыгъзæринæй
æмæ, мыхуырыл фыстытæ куыд скъахынц,
афтæ йыл скъах: „Дунедарæджы уаз хай“.
37Æрвхуыз синагæй йæ бабæтт сарыхъы
æдде, разæрдыгæй, 38Aароны ныхыл. Аарон
дзуапп дæтты, израилæгтæ, сæ уаз хуынтæ
æмæ нывæндтæ хæсгæйæ, цы рæдыдтытæ
æруадзынц, æппæт уыдæтты тыххæй, æмæ
сын-иу Дунедарæг цæмæй сæ куывд ай-
са, уый тыххæй уыцы сыгъзæрин уадздзаг
æдзухдæр хъуамæ Аароны ныхыл уа.
39Ааронæн лыстæг гæнæй бауаф нывæ-
фтыд хæдон, скæн ын сарыхъ лыстæг гæнæй,
бауаф ын нывæфтыд рон.
40Аароны фырттæн бауаф хæдæттæ, рæт-
тæ æмæ сæрылбæттæнтæ — кад æмæ аивы
нысанæн. 41Æппæт уыцы дарæстæ скæн
де ’фсымæр Аарон æмæ йæ фырттыл. Уый-
фæстæ оливæйы сойæ байсæрд Аарон æмæ
йæ фыртты, срухс сæ кæн æмæ сæ сау-
джынлæггадæн снывонд кæн, æмæ уой Мæ
сауджынтæ.
42Гæнæй сын бауафын кæн цыбыр, зæнджы
фæтасæнтæм чи æххæсса, ахæм хæлæфтæ —
сæ худинаг æмбæрзынæн. 43Уыцы хæлæфтæ
уæнт Аарон æмæ йæ фырттыл, Фембæлды
Цатырмæ цæугæйæ, кæнæ, Уаз Цæрæны уаз
куыст кæнгæйæ, нывондхæссæнмæ куы бав-
вахс вæййынц, уæд, цæмæй азымджын ма
фæуой æмæ ма амæлой. Уый у мыггагмæйы
уагæвæрд Аарон æмæ йæ байзæддагæн.

**29** Аарон æмæ йæ фырттæ цæмæй Мæ
сауджынтæ суой, уый тыххæй Мын сæ срухс
кæн мæнæ афтæ. Равзар иу гал æмæ дыууæ
æнæсахъат фыры. 2Райс донгонд дзул, сой-
хæццæ донгонд гуылтæ æмæ сойхæццæ
донгонд лауаситæ — се ’ппæт дæр æвзаргæ
мæнæуы ссадæй — 3æмæ сæ нывæр иу чыр-
гъæды. Чыргъæд æрбахæсс, æрбакæн гал
æмæ дыууæ фыры дæр.
4Аарон æмæ йæ фыртты æрбакæн Фем-
бæлды Цатыры къæсæрмæ æмæ сæ донæй
æрæхс. 5Ааронnetwork скæн йæ дарæс — хæдон,
ефоды бын цы пæлæз вæййы, уый, стæй ефод
æмæ риуылдарæн. Ефод ыл йæ астæубосæй
æрбабæтт. 6Йæ сæрыл ын æркæн сарыхъ, са-
рыхъыл та разæй сæвæр уаз уадздзаг. 7Уый
фæстæ райс оливæйы сой, йæ сæрыл ын æй
рауадз æмæ йæ байсæрд.
8Аароны фыртты дæр æрбакæн æмæ сыл
скæн хæдæттæ. 9Аарон æмæ йæ фырттыл
æрбабæтт рæттæ, сæрылбæттæнтæ сыл ба-
бæтт. Æмæ уæд сауджынлæггад мыггагмæ
суыдзæни уыдоны. Афтæмæй сæ сауджын-
лæггадæн снывонд кæндзынæ.
10Фембæлды Цатыры размæ æрбакæн гал,
æмæ йын Аарон æмæ йæ фырттæ сæ къухтæ
йæ сæрыл æрæвæрæнт. 11Дунедарæджы раз,
Цатыры къæсæрмæ, аргæвд галы, 12стæй
йын йæ тугæй де ’нгуылдзыл сис æмæ дзы
нывондхæссæны сыкъатæ ацахор, иннæ туг
та иууылдæр нывондхæссæны рæбын акал.
13Уый фæстæ райс, хуылфыдзаумæттыл
цы фиу ис, уый, игæры æфтуанхай, стæй
уыргтæ æд фиу. Нывондхæссæныл сæ ба-
судз. 14Галæн йæ фыд, йæ царм, йæ хуылфы-
дзаума та рæсæнуаты æдде арты хай бакæн.
Уый у тæригъæды нывонд. 15Æрбакæн-иу
фыр, æмæ йын Аарон æмæ йæ фырттæ сæ
къухтæ йæ сæрыл æрæвæрæнт. 16Фыры ар-
гæвд æмæ йын йæ туг нывондхæссæныл
алырдыгæй бакал. 17Фырæн йæхи суæнгтæ
кæн, йæ хуылфыдзаумæттæ æмæ йын йæ
къæхтæ ссыгъдæг кæн, сæр æмæ сæ иннæ
уæнгты уæлæ æрæвæр 18æмæ йæ афтæмæй
иууылдæр нывондхæссæныл басудз. Уый у
иууылсудзинаг нывонд Дунедарæгæн, æх-
цон хæрздæф, арты нывонд Дунедарæгæн.
19Æрбакæн дыккаг фыр, æмæ уымæн дæр
Аарон æмæ йæ фырттæ сæ къухтæ йæ сæрыл
æрæвæрæнт. 20Ды-иу æй аргæвд æмæ йын
йæ тугæй ацахор Аарон æмæ йæ фыртты
рахиз хъусты æлгътæ, стæй сæ рахиз къухты
хистæр æнгуылдзтæ æмæ сæ рахиз къæхты
хистæр æнгуылдзтæ. Иннæ туг-иу нывонд-
хæссæныл алырдыгæй бакал. 21Уый фæстæ
райс, нывондхæссæныл цы туг уа, уымæй,
стæй сæрдæн сой æмæ дзы бапырх кæн
Ааронnetwork æмæ йæ дарæсыл, стæй Ааронæн

йæ фырттыл æмæ сæ дарæсыл, æмæ афтæ-
мæй снывонд чындæуыдзæн Ааронæн йæхи
дæр æмæ йæ дарæс дæр, стæй Аароны фырт-
тæн сæхи дæр æмæ сæ дарæс дæр.
22Кусартæн райс йæ сойтæ: дымæг, хуыл-
фыдзаумæттыл цы фиу ис, уый иууылдæр,
игæры æфтуанхай, уыргтæ æд фиу, стæй
ма, фырæн, сауджын суæвыны тыххæй ны-
вондæн хаст кæй æрцыд, уымæ гæсгæ йæ
рахиз сгуы дæр. 23Дунедарæджы раз цы дон-
гонд дзулты чыргъæд ис, уыдонæй дæр сис:
иу — дзул, иу — сойхæццæ хыссæйæ конд,
иу — тæнæг. 24Иууылдæр сæ Аарон æмæ йæ
фыртты къухтæм ратт æмæ сын сæ Дунеда-
рæджы раз хæрдмæ сисын кæн, нывонд Ын
кæй сты, уый охыл. 25Уый фæстæ сын сæ райс
сæ къухтæй æмæ сæ иууылсудзинагимæ ны-
вондхæссæныл басудз Дунедарæгæн æхцон
хæрздæфæн, арты нывондæн.
26Аароны сауджын скæныны охыл нывон-
дæн цы фыр æрхастой, уымæн йæ кæразимаг
райс æмæ йæ Дунедарæджы раз хæрдмæ
сис. Уый уыдзæни дæ хай. 27Аарон æмæ йæ
фырттæн рахицæн кæн, хæрдмæ кæй систæ-
уыд, нывондæн хаст фыры уыцы кæразимаг
æмæ рахиз сгуы æмæ сæ уазыл банымай.
28Израилæгтæ сæ раттæнт Аарон æмæ йæ
фырттæн, æмæ сын уый уæд мыггагмæйы
уагæвæрд. Сæ фидыды нывæндтæй дæр мы-
сайнаг хицæн кæнæнт Дунедарæджы номыл.
29Аароны уаз дарæс йæ фæстæ баззайæд
йæ байзæддæгтæн: сæ уæлæ-иу сæ скæн-
дзысты, куы-иу сæ сæрдой æмæ сæ сауджын-
лæггадæн куы нывонд кæной, уæд. 30Йæ
байзæддагæй йæ фæстæ сауджын чи суа,
уый-иу сæ скæнæд æмæ сæ фæдарæд авд
боны дæргъы — Фембæлды Цатырмæ-иу
бацæуæд æмæ Уаз Цæрæны лæггад кæнæд
уыцы дарæсы.
31Нывонд фыры дзидза райс æмæ йæ уаз
бынаты сфыц. 32Дзидза дæр æмæ чыргъæ-
ды дзултæ дæр Аарон йæ фырттимæ хæрæд
Фембæлды Цатыры къæсæрмæ. 33Хъуамæ
сæхæдæг бахæрой, ссыгъдæг кæнын, сау-
джын скæнын æмæ срухс кæныны тыххæй
сын цы нывæндтæ æрхастæуыди, уыдон.
Æддагон дзы ма саходæд — уаз у. 34Нывонды
дзидзатæ кæнæ ма дзултæй райсоммæ цы
баззайа, уыдон-иу басудз. Мачи дзы сахо-
дæд — уаз сты.
35Аарон æмæ йæ фырттæн, куыддæрид-
дæр дын бафæдзæхстон, афтæ бакæн. Цæ-
мæй сауджынтæ суой, уый тыххæй авд боны
дæргъы фæлхат кæн ацы æгъдау. 36Алы бон
дæр-иу се ссыгъдæг кæныны тыххæй гал
аргæвд тæригъæды нывондæн. Æххæст кæн
нывондхæссæн ссыгъдæг кæныны æгъдау
дæр æмæ-иу æй байсæрд — срухс æй кæны-
ны охыл. 37Авд боны дæргъы æххæст кæн
нывондхæссæн ссыгъдæг кæныны æгъдау,
æмæ уæд нывондхæссæн срухс суыдзæн.
Уый фæстæ-иу ыл цыдæриддæр бандзæва,
уый дæр уыдзæни уаз.
38Алы бон дæр-иу уыцы нывондхæссæ-
ныл нывондæн æрхæсс дыууæ уæрыччы.
39Сæ иу — райсомæй, иннæ та — изæрæй.
40Фыццаг уæрыккимæ-иу æрбахæсс хуын —
æвзаргæ мæнæуы ссады ефæйы дæсæймаг
хай, къухæй лæмæрст оливæйы соимæ хæц-
цæйæ — гины цыппæрæймаг хай, стæй гины
цыппæрæймаг хай сæн. 41Изæрæй нывондæн
цы уæрыкк хæссай, уыимæ дæр æмбæлы æр-
бахæссын ахæм хойраджы хуын æмæ сæн —
æхцон хæрздæф, арты нывонд Дунедарæгæн.
42Ацы иууылсудзинаг нывонд Фембæлды
Цатыры къæсæрмæ, Дунедарæджы размæ,
хæссут æрвылбон, фæлтæрæй-фæлтæрмæ —
уыцы Цатыры уæм Æз æргом кæндзынæн
Мæхи æмæ дзурдзынæн демæ. 43Уым Мæ-
хи æргом кæндзынæн израилæгтæм, æмæ
Цатыр Мæ кады фæрцы суыдзæни уаз.
44Фембæлды Цатыр æмæ нывондхæссæн
скæндзынæн уаз, скæндзынæн уаз Аарон
æмæ йæ фыртты дæр, цæмæй уой Мæ сау-
джынтæ. 45Æз цæрдзынæн израилæгты 'хсæн
æмæ уыдзынæн сæ Хуыцау, 46æмæ уæд сæ
зæрдыл дардзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн,
сæ Хуыцау, Мысыры зæххæй сæ чи ракодта,
Уый. Ракодтон сæ, цæмæй цæрон се 'хсæн.
Æз Дунедарæг дæн, сæ Хуыцау.

**30** Акъацийæ сараз будсудзæн нывондхæс-
сæн. 2Уæд цыппаркъуымон — æлмæрины
йас дæргъмæ дæр æмæ уæрхмæ дæр, йæ
бæрзæнд — дыууæ æлмæрины. Скæн ын
сыкъатæ дæр, нывондхæссæнимæ иу куыд
уой, афтæ. 3Састæр æй сыгъдæг сыгъзæри-
нæй: йæ сæр, йæ фæрстæ алырдыгæй æмæ
йæ сыкъатæ, стæй йын йæ алыварс æрзил
сыгъзæрин мæскъ. 4Сараз дыууæ сыгъзæ-
рин цæджы æмæ сæ бафидар кæн мæсчъы
бын, нывондхæссæны фæйнæфарс, цæмæй
йæ хæссынæн сæ мидæг хъилтæ акæнæн уа.
5Хъилтæ скæн акъацийæ æмæ сæ састæр
сыгъзæринæй.
6Нывондхæссæн æрæвæр, Фидыды Чырын
цы мидæмбæрзæны ауон ис, уый раз, йæ
сæры бакомкоммæ. Фидыды Чырыны сæр-
мæ-иу дæм Æз раргом уыдзынæн. 7Аарон
ыл буд судзæд алы райсом, цырагъдарæны

цырæгътæ-иу куы барæвдз кæна, уый фæс-
тæ, 8стæй алы изæр, цырæгътæ-иу куы ссу-
дза, уæд. Дунедарæджы раз уæм буд сыгъд
цæуæд æдзухдæр, фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
9Æцæг-иу нывондхæссæныл мадæр нæфæт-
чиаг буд æрæвæрут, мадæр — ияуылсудзинаг
нывонд, мадæр — хойраджы хуын, мадæр —
сæн. 10Аарон æрвылаз æххæст кæнæд ны-
вондхæссæн ссыгъдæг кæныны æгъдау — йæ
сыкъатæ-иу ын ссыгъдæг кæныны охыл
сахорæд тæригъæды нывонды тугæй. Уыцы
æгъдау æххæст кæнын хъæуыдзæн æрвылаз,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Нывондхæссæн Ду-
недарæджы раз у ияуылсыгъдæг».

11Дунедарæг Моисейæн загъта: 12«Израи-
лæгты сфыст куы аразай, уæд-иу сæ алчидæр
йæхи номыл раттæд фиддон Дунедарæгæн,
цæмæй сыл сфысты аххосæй мацы бæллæх
æрцæуа. 13-14Алы израилаг нæлгоймаг дæр,
ссæдзаздзыдæй уæлæмæ, фидæд æвзисты
шекелы æмбис, кувæндоны шекелтæй ны-
майгæйæ. Шекелы ис ссæдз герайы. Уыцы
шекелы æмбис — мысайнаг Дунедарæгæн.
15Дунедарæгæн уæхи тыххæй мысайнаг куы
дæттат, уæд хъæздыг шекелы æмбисæй фыл-
дæр ма дæттæд, мæгуыр та шекелы æмбисæй
къаддæр. 16Уыцы фиддон-иу израилæгтæй
райс æмæ йæ хардз кæн Фембæлды Цатыры
лæггады. Æмæ уый фæрцы Дунедарæджы
зæрдыл лæудзысты Израилы адæм — уæ
царды аргъ фыст кæй æрцыди, уый».

17Дунедарæг Моисейæн загъта: 18«Сараз
хихсæн æрхуы аг æмæ йын скæн æрхуы
суанцъы. Æрæвæр æй Фембæлды Цатыр
æмæ нывондхæссæны 'хсæн æмæ дзы дон
ныккæн. 19Аарон æмæ-иу дзы йæ фырттæ
сæ къухтæ æмæ сæ къæхтæ ныхсæнт, 20Фем-
бæлды Цатырмæ цæугæйæ, кæнæ уазлæг-
гад кæныны фæдыл, Дунедарæгæн арты
нывонд æрхæссынæн, нывондхæссæнмæ
куы 'рбаввахс уой, уæд. 21Сæ къухтæ æмæ-
иу сæ къæхтæ ныхсæнт, науæд амæлдзыс-
ты. Уый у мыггагмæйы уагæвæрд Ааронæн
йæхицæн дæр æмæ йæ байзæддæгтæн дæр,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ».

22Дунедарæг Моисейæн загъта: 23«Райс æп-
пæты хуыздæр хæрздæфгæнæнтæй: тæдзгæ
миррæ — фондзсæдæ шекелы, хæрздæфгæ-
нæг корицæ — дыууæ хатты къаддæр, дыу-
уæсæдæ фæндзай шекелы, хæрздæфгæнæг
хъæз дæр — дыууæсæдæ фæндзай шеке-
лы, 24хæрздæфгæнæг касси — фондзсæдæ
шекелы, кувæндоны шекелтæй нымайгæ-
йæ, стæй оливæйы сой — иу гин. 25Уыдон
арæхстгай иумæ сызмæнт æмæ афтæмæй
скæн уаз сæрдæн сой. 26Байсæрд дзы Фем-
бæлды Цатыр, Фидыды Чырын, 27фынг йе
'ппæт дзауматимæ, цырагъдарæн йе 'ппæт
дзауматимæ, будсудзæн нывондхæссæн,
28ияуылсудзинæгты нывондхæссæн йе 'ппæт
дзауматимæ, хихсæн аг йæ суанцъыимæ.
29Снывонд сæ кæн ияуылдæр, æмæ срухс
уыдзысты. Уый фæстæ сыл-иу цыдæриддæр
бандзæва, уый дæр уыдзæни уаз. 30Байсæрд
Аарон æмæ йæ фыртты дæр æмæ Мын сæ
снывонд кæн, цæмæй суой Мæ сауджынтæ.
31Израилæгтæн та Мæ номæй зæгъ: уый уын
уыдзæни уаз сæрдæн сой фæлтæрæй-фæл-
тæрмæ. 32Æндæр дзы мачи цæуæд сæрст.
Уый хуызæн сæрдæн ма кæнут уæхицæн —
уаз уын уæд. 33Ахæм сæрдæн чи сараза æмæ
дзы æндæр искæй чи байсæрда, уый йæ
адæмæй фæхъæудзæн».

34Дунедарæг Моисейæн загъта: «Райс
хæрздæфгæнæнтæ: натаф, шехелет, хелбена,
стæй се 'ппæты бæрц сыгъдæг буд. 35Уыдон
арæхстгай иумæ сызмæнт, цæмæй сæ ра-
уайа судзинаг хæрздæфгæнæн; цæхх дæр
ма йыл акæн. Хъуамæ уа сыгъдæг æмæ уаз.
36Фæхты сæ лыстæг ныххой æмæ сæ æрæвæр
Фидыды Чырыны раз, Фембæлды Цатыры
мидæг, Мæхи дæм кæм æргом кæндзынæн,
уым. Уыцы хæрздæфгæнæн уын уыдзæни
ияуылуаз. 37Ахæм хæрздæфгæнæн мачи
саразæд йæхицæн, уымæн æмæ уый у Ду-
недарæджы уаз хай. 38Чи сараза æмæ йæм
чи басмуда, уый йæ адæмæй фæхъæудзæн».

**31** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Хъусыс,
Æз басидтæн Иудæйы хæдзарвæндагæй Хуры
фырт Урийы фыртмæ, Бецалелмæ. 3Схай-
джын æй кодтон Хуыцауы Удæй — скодтон
æй куырыхон, радтон ын зонд, зонындзи-
нæдтæ æмæ алы куыстмæ дæсныдзинад.
4Уый дæсны у сыгъзæрин, æвзист æмæ æр-
хуыимæ архайынмæ, 5зоны дуртæ кæрдын
æмæ сæ фæлгæты æвæрын, арæхсы хъæды
куыстмæ дæр, алцæмæ дæр у дæсны. 6Йæ
фарсмæ йын æрлæууын кодтон Ахисамахы
фырт Охолиавы, Даны хæдзарвæндагæй,
æмæ арæхстджын кусджытæй алкæмæн
дæр радтон дæсныдзинад, цæмæй саразой,
цыдæриддæр дын бафæдзæхстон, уыдæттæ:
7Фембæлды Цатыр, Фидыды Чырын æмæ
йæ сæр, Цатыры æппæт дзауматæ, 8фынг
æмæ йæ дзауматæ, сыгъдæг сыгъзæринæй
конд цырагъдарæн йе 'ппæт дзауматимæ,
будсудзæн нывондхæссæн, 9ияуылсудзи-
нæгты нывондхæссæн йе 'ппæт дзауматимæ,
хихсæн аг йæ суанцъыимæ, 10уаз куысты

дарæс — алчер Ааронæн, сауджынлæггады
дарæс — йæ фырттæн. 11Ноджы ма — сæр-
дæн сой æмæ буд, Уаз Цæрæны судзынæн.
Алцыдæр саразæнт, куыддæриддæр дын
бафæдзæхстон, афтæ».
12Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста:
13«Израилæгтæн зæгъ, цæмæй Мын æххæст
кæной Мæ сабаты уагæвæрдтæ. Мæ сабат
Мæн æмæ сымах æхсæн фæлтæрæй-фæл-
тæрмæ нысан у, цæмæй уæ зæрдыл дарат,
Æз — Дунедарæг — сымахæй Мæхицæн уаз
адæм кæй скодтон, уый. 14Æххæст кæнут
сабаты уагæвæрдтæ — уый уаз у сымахæн.
Сабат чи фæчъизи кæна, уый мард æрцæуæд:
сабаты чидæриддæр куса, уый йæ адæмæй
фæхъæудзæн. 15Æхсæз боны кусут, æвдæм
бон та у сабат, æнцойбон, Дунедарæгæн —
уаз. Сабаты чидæриддæр бакуса, уый мард
æрцæуæд. 16-17Израилæгтæ æххæст кæнæнт
сабаты уагæвæрдтæ, бæрæг кæнæнт сабаты
бæрæгбон фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Уый уæд
мыггагмæйы нысан Мæн æмæ уыдоны ’хсæн.
Уымæн æмæ Дунедарæг æхсæз бонмæ сфæл-
дыста арв æмæ зæхх, æвдæм бон та æрæнцад
Йæ алы куыстæй æмæ улæфыд».
18Хуыцау Синайы хохыл Йæ ныхас куы
фæци Моисеимæ, уæд æм радта Фиды-
ды дыууæ къæйдуры, Йæхи къухæй фыст
фæдзæхстытимæ.

**32** Израилы адæм бынæй бирæ фенхъæлмæ
кастысты Моисейы æрыздæхынмæ хохæй.
Куынæ æмæ куынæ зындис, уæд æрæмбырд
сты Ааронмæ æмæ дзы æрдомдтой: «Нæ
разæй чи цæуа, ахæм хуыцау нын сараз,
науæд нæ Мысырæй чи ракодта, уыцы лæг —
Моисей — цы баци, уымæн ницы зонæм».
2Аарон сын загъта: «Уæ устытæ, уæ фырттæ
æмæ уæ чызджытæн сæ хъусцæджытæ раф-
таут æмæ сæ ардæм æрбахæссут». 3Адæм сæ
хъусцæджытæ рафтыдтой æмæ сæ Ааронмæ
æрбахастой. 4Аарон сæ райста, стайын сæ
кодта æмæ сæ джиппыуагъд уæныг саразæ-
та. Уæд адæм загътой: «Мæнæ дæ хуыцау,
Израил! Мысыры зæххæй дæ уый ракодта!»
5Аарон уый куы федта, уæд уæныджы раз
нывондхæссæн саразта æмæ загъта: «Райсом
Дунедарæджы бæрæгбон у!»
6Дыккаг бон райсомæй адæм æрхастой
иууылсудзинæгтæ æмæ фидыды нывæндтæ.
Стæй æрбадтысты хæрд æмæ нозтыл, уый
фæстæ сыстадысты æмæ хъазт саразтой.
7Дунедарæг Моисейæн загъта: «Цæугæ
бынмæ! Сæнæуаг сты дæ адæм — Мысырæй
кæй ракодтай, уыдон. 8Цы фæндагыл цæуын
сын бафæдзæхстон, уымæй æгæр тагъд фæ-
зылдысты! Сæхицæн скодтой сыгъзæрин
уæныг æмæ йæм бакуывтой, æрхастой йын
нывæндтæ. Загътой: „Мæнæ дæ хуыцау, Из-
раил! Мысыры зæххæй дæ уый ракодта!“»
9Дунедарæг ма ноджыдæр загъта Мои-
сейæн: «Куыд кæсын, афтæмæй ацы адæм
тынг хиваст сты. 10Мацы Мæ бадом! Мæ маст
сыл ныххуырсдзынæн æмæ сæ бабын кæн-
дзынæн — дæуæй та рантысын кæндзынæн
стыр адæм». 11Фæлæ Моисей лæгъстæ кæнын
байдыдта Дунедарæгæн, йæ Хуыцауæн: «О
Дунедарæг! Цæй тыххæй судзы Дæ маст
Дæ адæммæ — Мысыры зæххæй Де стыр
хъару, Де стыр хъомысы фæрцы кæй ракод-
тай, уыдонмæ? 12Цæмæн Дæ хъуамæ зæгъой
мысырæгтæ, уыцы адæмы сæ фыдбылызæн
акодта Мысырæй — хæхты сæ бабын кодта,
зæххы цъарæй сæ фесæфта, зæгъгæ? Бауром
Дæ судзгæ маст æмæ Дæ адæмы бахиз фыд-
былызæй. 13Æрхъуыды кæн, дæ цагъартæ
Авраам, Исаак æмæ Израилæн куыд расомы
кодтай, уый, — Ды расомы кодтай Дæхи-
цæй, сæ байзæддаг сын арвы стъалытау кæй
сбирæ кæндзынæ, зæрдæ сын цы зæххæй
бавæрдтай, уый дæр сын сæ байзæддæгтæн
мыггагмæ кæй ратдзынæ фыдæй-фыртмæ-
йы исбонæн». 14Æмæ Дунедарæг Йæ фæнд
аивта — Йæ адæммæ цы бæллæхæй æвзыста,
уый амæттаг сæ нал фæкодта.
15Моисей фæзылд æмæ дæлæмæ фæуыр-
дыг кодта. Йæ къухты хаста Фидыды дыууæ
къæйдуры — дыууæрдыгæй дæр сыл фыс-
тытæ. 16Уыцы къæйдуртæ Хуыцау Йæхæдæг
скодта, къæйдуртыл фыстытæ дæр Хуыцау
Йæхæдæг скъахта. 17Йешуайæн адæмы уы-
нæр йæ хъустыл ауад æмæ Моисеймæ дзуры:
«Хæстон уынæр хъуысы рæсæнуатæй». 18Мо-
исей йын афтæ: «Уый нæдæр уæлахиздзауты
хъæр уыдзæни, нæдæр — бæрзæйсаст адæмы
æрдиаг. Зарын уайы мæ хъустыл».
19Рæсæнуатмæ куы æрæввахс сты, уæд Мо-
исей федта уæныг, федта кафæг адæмы. Йæ
маст рафыхти Моисейæн æмæ, йæ къухы цы
къæйдуртæ уыд, уыдон хохы рæбын зæххыл
ныццавта, æмæ ныппырх сты. 20Джиппы-
уагъд уæныджы арты басыгъта, йæ сыгъдон
ын лыстæг ныммур кодта æмæ йæ доны
ныккалдта, стæй уыцы дон израилæгтæн
бануазын кодта.
21Моисей Aароны фæрсы: «Ацы адæм дын
цы ракодтой, цæмæн сæ баппæрстай ахæм
стыр тæригъæды?» 22Аарон ын загъта: «Дæ
хорзæхæй, ме ’лдар, ма мæсты кæн. Ацы
адæм фыд ракæнынмæ æмхиц сты, уый

зоныс. [23]Баййардтой мæ, скæн, дам, нын, нæ
разæй чи цæуа, ахæм хуыцау, науæд, дам,
нæ Мысырæй чи ракодта, уыцы лæг — Мо-
исей — цы баци, уымæн ницы зонæм. [24]Æз
сын загътон, сыгъзæрин фæлындæнтæ уæ
кæуыл ис, уыдон сæ рафтауæнт æмæ сæ
мæнмæ раттæнт, зæгъгæ. Радтой мæм сæ,
арты сæ баппæрстон, æмæ сæ стæй рауад
ацы уæныг».

[25]Моисей федта: адæм сæхи фæнд атард-
той, æмæ сын Аарон сæ ных нæ бакъуырдта,
фæлæ сæ фыдгулты цæсты бафтыдта. [26]Ræ-
сæнуаты дуарыл æрлæууыди Моисей æмæ
загъта: «Дунедарæджы фарс чи у, уыдон-ма
мæ размæ рацæуæнт!» Левийы байзæддæгтæ
иууылдæр æрæмбырд сты йæ размæ. [27]Мо-
исей сын загъта: «Афтæ зæгъы Дунедарæг,
Израилы Хуыцау. Алчидæр уæ йæ кард рай-
сæд æмæ рæсæнуатыл æрзилæд иу дуарæй
иннæ дуары онг, æмæ уæ алчидæр амарæд
йе ’фсымæры, йе ’мбалы, йæ хионы». [28]Ле-
вийы байзæддæгтæ бакодтой, Моисей сын
куыд загъта, афтæ, æмæ уыцы бон адæмæй
фæцагъды ис æртæ мины бæрц. [29]Моисей
сын ноджы загъта: «Ацы бон сымах уæхи
снывонд кодтат Дунедарæгæн уазлæггад
кæнынæн: ничи уæ бавгъау кодта Уымæн
йæ фырты дæр æмæ йе ’фсымæры дæр, æмæ
Дзы арфæгонд стут!»

[30]Дыккаг бон Моисей адæмæн афтæ: «Стыр
тæригъæд ракодтат. Цæуон æмæ ссæуон
Дунедарæгмæ, кæд уæ сраст кæнин». [31]Аз-
дæхти Дунедарæгмæ æмæ Йын загъта: «О
Дунедарæг! Ацы адæм стыр тæригъæд ра-
кодтой. Сæхицæн сыгъзæринæй скодтой
хуыцау. [32]Ныббар сын сæ тæригъæд. Кæд сын
нæ барыс, уæд та Дæ курын, æмæ мæ ном
дæр фесаф, кæм æй ныффыстай, Дæ уыцы
чиныгæй». [33]Дунедарæг Моисейæн загъта:
«Æз Мæ Чиныгæй фесафдзынæн, Мæ ныхмæ
тæригъæд чи ракæна, уыдоны. [34]Ныр цу æмæ
адæмы акæн, кæдæм дын загътон, уырдæм.
Мæ зæд цæудзæни дæ разæй. Мæ разы чи
фæтæригъæдджын, уыдоны та, бафхæры-
ны бон куы ралæууа, уæд бафхæрдзынæн».

[35]Дунедарæг Израилы адæмы бафхæрдта,
Аарон сын цы уæныг скодта, уый тыххæй.

**33** Дунедарæг Моисейæн загъта: «Сыст
ардыгæй, Мысыры зæххæй кæй ракодтай,
уыцы адæмимæ, æмæ ацæут, Авраам, Исаак
æмæ Йаковæн, сомы ракæнгæйæ, сæ байзæд-
дагæн æй ратдзынæн, зæгъгæ, зæрдæ кæмæй
бавæрдтон, уыцы зæхмæ. [2]Мæ зæды уын
арвитдзынæн уæ разæй æмæ фæсурдзынæн
ханаанæгты, аморæгты, хеттæгты, периз-
зæгты, хиввæгты æмæ йевусæгты. [3]Цæугæут,
æхсыр æмæ мыд кæцæй хъары, уыцы зæх-
мæ. Æцæг, Мæхæдæг нæ ацæудзынæн уемæ,
науæд уæ бабын кæндзынæн фæндагыл,
уымæн æмæ хиваст адæм стут».

[4]Адæм уыцы тызмæг ныхас куы фехъуыс-
той, уæд ныккуыдтой æмæ, хъынцъымгæн-
гæ, фæлындæнтæ сæ уæлæйæ рафтыдтой.

[5]Дунедарæг Моисейæн загъта: «Израи-
лæгтæн фехъусын кæн, сымах, зæгъ, хиваст
адæм стут, æмæ уемæ куы рараст уон, уæд уæ
цæсты фæныкъуылдмæ ныццæгъддзынæн.
Уæ фæлындæнтæ уал рафтаут, Æз та ахъу-
ыды кæндзынæн, цы уын бакæнон, ууыл».
[6]Израилæгтæ Хоревы хохрæбын рафтыдтой
сæ фæлындæнтæ.

[7]Уæдæй фæстæмæ-иу Моисей рæсæнуа-
тæй дæрддзæф ран сæвæрдта цатыр, æмæ
йæ хуыдта Фембæлды Цатыр. Исчи-иу Ду-
недарæджы бафæрсинаг куы уыд, уæд-иу
Моисей рæсæнуатæй ацыди Фембæлды
Цатырмæ. [8]Уырдæм-иу куы фæцæйцыд,
уæд-иу адæм та лæууыдысты сæ цатырты
раз æмæ кастысты йæ фæдыл, цалынмæ-иу
уый Фембæлды Цатырмæ бацыди, уæдмæ.
[9]Моисей-иу Цатырмæ куы бацыд, уæд-иу
мигъы цæджындз йæхи бынмæ æруагъта,
æрлæууыд-иу Цатыры къæсæрыл, æмæ-иу
Дунедарæг ныхас кодта Моисеимæ. [10]Адæм-
иу Цатыры къæсæрыл мигъы цæджындз куы
федтой, уæд-иу иууылдæр зæххыл ныд-
дæлгом сты сæ цатырты раз. [11]Дунедарæг
та Моисеимæ ныхас кодта лæгæй-лæгмæ,
адæймаг адæймагимæ куыд фæдзуры, аф-
тæ. Уый фæстæ-иу Моисей рæсæнуатмæ
æрбаздæхт. Фæлæ-иу Нуны фырт Йешуа,
Моисейы кæстæриуæггæнæг, баззади Ца-
тыры, уырдыгæй никуыдæм цыд.

[12]Моисей Дунедарæгæн загъта: «Бафæ-
дзæхстай мын ацы адæмы дарддæр акæнын,
фæлæ мын мемæ кæй рарвитдзынæ, уый
кой не скодтай. Афтæ мын куы загътай, дæ
ном дын зонын æмæ Мын æхцон дæ, зæгъгæ.
[13]Гъемæ кæд афтæ у, уæд мын бацамон Дæ
фæндæгтæ, цæмæй Дæ базонон æмæ Дæуæн
фæндон хъуыддæгтæ кæнон. Мæнæ ацы
адæм дæр Дæу адæм куы сты!» [14]Дунедарæг
ын дзуапп радта: «Æз Мæхæдæг цæудзы-
нæн уемæ æмæ дын æххуыс кæндзынæн».
[15]Моисей загъта: «Кæд Дæхæдæг нæ уыдзы-
нæ немæ, уæд нæ ма цæуын кæн ардыгæй.

**32:32** Ацы ран цæуы царды чиныджы кой. Уым фыст сты, Хуы-
цау Йæ адæмыл кæй банымадта, уыдоны нæмттæ.

16 Æз æмæ Дæ адæм цæмæй базондзыстæм,
æхцон Дын стæм, уый? Æрмæстдæр, немæ
кæй рацыдтæ, уымæй нын равдисдзынæ,
зæххы цъарыл нæ иннæ адæмтæй хъулон
кæй кæныс, уый». 17 Дунедарæг Моисейæн
загъта: «Дæ курдиат дын сæххæст кæндзы-
нæн, уымæн æмæ Мын æхцон дæ. Æз дын
зонын дæ ном».
18 Моисей бахатыди Дунедарæгмæ: «Фенын
мын кæн Дæ кад!» 19 Дунедарæг загъта: «Ме
’ппæт кад дæр дын дæ цурты рацæуын кæн-
дзынæн. Раргом дын кæндзынæн Дунеда-
рæджы ном. Кæмæн Мæ фæнды Мæ хорзæх
раттын, уымæн æй ратдзынæн, батæригъæд
кæнын Мæ кæмæн фæнды, уымæн батæ-
ригъæд кæндзынæн». 20 Ноджы ма загъта:
«Мæ цæсгоммæ æрбакæсын дæ бон не су-
ыдзæн. Мæн фенæг адæймагæн удæгасæй
баззайæн нæй. 21 Фæлæ ам, Мæнмæ æввахс,
иу бынат ис — слæуу-ма уым, къæдзæхыл.
22 Мæ кад дæ цурты куы рацæйцæуа, уæд дæ
къæдзæхы скъуыды слæууын кæндзынæн
æмæ дæ Мæ къухæй бамбæрздзынæн. Куы
аивгъуыйон, 23 уæд Мæ къух айсдзынæн, æмæ
Мын фендзынæ Мæ чъылдым, Мæ цæсгом
та Мын нæ фендзынæ».

**34** Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста:
«Æрцамай дыууæ къæйдуры — кæй асастай,
уыдоны халдихтæ. Æз сыл ныффысдзынæн,
фыццæгтыл цы ныхæстæ ныффыстон, уыдон.
2 Дæхи райсоммæ цæттæ дар. Сæумæрайсом
Синайы хохы сæрмæ ссу æмæ уым Мæ разы
æрлæууу. 3 Демæ мачи ссæуæд, иу адæймаг
дæр ма фæзынæд хохыл. Хохрæбын-иу суанг
уæ лыстæг фос æмæ стуртæ дæр ма хизæнт».
4 Моисей æрцамадта дыууæ къæйдуры,
фыццæгты халдихтæ, æмæ дыккаг бон сæу-
мæйæ, къæйдуртæ йæ къухты, афтæмæй
Синайы хохы сæрмæ ссыди, Дунедарæг ын
куыд бафæдзæхста, афтæ. 5 Дунедарæг æр-
цыди æврагъы мидæг, уыцы ран Моисейы
цу æрлæууыди æмæ фехъусын кодта Ду-
недарæджы ном. 6 Моисейы рæзты ацыди
æмæ расидти: «О Дунедарæг, Дунедарæг,
тæригъæдгæнаг, хæларзæрдæ, бирæбыхсаг,
бараг æмæ иузæрдион Хуыцау. 7 Йæ зæрдæ
нæ ивы мин фæлтæры онг, быхсы азым, фыд-
ракæнд æмæ тæригъæдæн, фæлæ фыдæлты
азымы тыххæй æнæ бафхæргæ нæ ныууадзы
цоты æмæ цоты цоты — æртыккаг æмæ цып-
пæрæм фæлтæры онг». 8 Уыцы ныхæстæм
Моисей зæххыл ныддæлгом ис Хуыцауы
раз 9 æмæ загъта: «О Бардарæг! Кæд мæ Дæ
хорзæхы аккаг кæныс, уæд немæ рацу! Ацы
адæм хиваст сты, фæлæ нын ныббар нæ
азым, нæ тæригъæдтæ! Скæн нæ Дæ исбон!»
10 Дунедарæг загъта Моисейæн: «Уемæ ара-
зын фидыд. Æппæт адæмы раз Æз равдис-
дзынæн, зæххы цъарыл иунæг адæммæ дæр
чи нæма уыд, ахæм диссæгтæ. Уадз æмæ,
цы адæмы ’хсæн цæрыс, уыдон иууылдæр
тасимæ кæсой, Дунедарæг дæу тыххæй цы
хъуыддæгтæ кæны, уымæ.
11 Æххæст кæнут, абон уын цы фæдзæхсын,
уый. Уæ цурæй уын фæлидзæг кæндзынæн
аморæгты, ханаанæгты, хеттæгты, периз-
зæгты, хиввæгты æмæ йевусæгты. 12 Цы зæх-
мæ бацæуат, уыцы зæххы цæрджытимæ
æмдзæхдон ма кæнут, науæд къæппæджы
бахаудзыстут. 13 Сæ нывондхæссæнтæ сын
фехалут, ныппырх сын кæнут сæ табуйаг
дуртæ, акалут Ашерæйы цæджындзтæ. 14 Ду-
недарæгæй дарддæр макæцы хуыцаумæ ку-
вут, уымæн æмæ Йæ ном Æнувыддзинад до-
мæг Кæмæн у, Уый у æхсайгæзæрдæ Хуыцау.
15 Уыцы зæххы цæрджытимæ макуы ба-
фидаут. Кæннод, сæ хуыцæуттæм кувгæйæ,
нывæндтæ сын хæсгæйæ, фæхондзысты сы-
мах дæр, æмæ сын сæ нывæндты дзидзайæ
хæрдзыстут. 16 Сæ чызджыты сын уæ фырт-
тæн ма курут, кæннод уын уæ фыртты дæр
сахуыр кæндзысты сæ хуыцæуттæм кувын.
17 Уæхи къухæй хуыцæуттæ ма аразут
уæхицæн.
18 Бæрæг кæнут Донгонд дзулты бæрæгбон.
Авд боны дæргъы-иу хæрут донгонд дзултæ,
куыд уын бафæдзæхстон, афтæ — авивы
мæйы, нысангонд бонты, уымæн æмæ авивы
мæйы рацыдыстут Мысырæй.
19 Уæ фосы фыццаг зæйцæн — стурвосæй
уа æви лыстæг фосæй — йæ алы нæл дæр
Мæн у. 20 Хæрæджы фыццаг нæл къæлæу-иу
баивут фысы фыццаг нæл уæрыккæй. Куынæ
йæ баиват, уæд-иу ын асæттут йæ бæрзæй.
Уæ алы фыццаг фырты дæр-иу балхæнут
Мæнæй. Афтидармæй уæ Мæ размæ мачи
æрбацæуæд.
21 Æхсæз боны дæргъы кусут, æвдæм бон
та баулæфут. Хуымгæнæнтæ уой æви хуым-
гæрдæнтæ — уæ куыст-иу бауромут.
22 Бæрæг кæнут Къуыриты бæрæгбон
дæр — уæ хуымты цы мæнæу байтыдтат,
уымæн йæ фыццаг тыллæджы бæрæгбон.
Афæдзы кæрон бæрæг кæнут Тыллæгæфсна-
йæн. 23 Афæдз æртæ хатты уæ нæлгоймæгтæ
иууылдæр хъуамæ æрлæууой Бардарæг Ду-
недарæджы, Израилы Хуыцауы, раз. 24 Æцæг-
гæлон адæмты уын фæлидзын кæндзынæн
уæ цурæй, рапарахат уын кæндзынæн уæ

бæстæ æмæ уын никуы ничи байсдзæн уæ зæхх, кæд-иу æрвылаз æртæ хатты Дунедарæджы, уæ Хуыцауы раз, æрлæууат, уæд.

25Кусарт Мын куы кæнат, уæд-иу уæ кусæрттаджы туг æнхъизæнæй конд дзулыл ма ’ркæлæд.

Куадзæны нывонды дзидза уын райсоммæ макуы баззайæд.

26Дæ хуымы хоры сæртæ хæсс Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, хæдзармæ.

Сæныччы йæ мады æхсыры ма фыц».

27Дунедарæг Моисейæн загъта: «Ацы ныхæстæ ныффысс. Уыдон сты, демæ æмæ Израилы адæмимæ цы фидыд аразын, уый домæнтæ».

28Моисей Дунедарæджы раз фæци дыууиссæдз боны æмæ дыууиссæдз æхсæвы. Нæдæр къæбæры хъæстæ фæци, нæдæр — доны хъæстæ. Къæйдуртыл ныффыста Фидыды ныхæстæ — дæс фæдзæхсты.

29Моисей æрхызти Синайы хохæй, йæ къухты — Фидыды дыууæ къæйдуры. Нæ зыдта, Хуыцауимæ ныхасгæнгæйæ йæ цæсгом тæмæнтæ калын кæй байдыдта, уый. 30Фæлæ Аарон æмæ израилæгтæ федтой Моисейы тæмæнкалгæ цæсгом æмæ йæм нæ бауæндыдысты æввахс бацæуын. 31Моисей сæм басидт, æмæ йæм уæд бацыдысты Аарон æмæ дзыллæйы хистæртæ, æмæ Моисей дзырдта семæ. 32Уый фæстæ йæм бацыдысты иннæ израилæгтæ дæр, æмæ сын Моисей фехъусын кодта, Дунедарæг ын Синайы хохыл цыдæриддæр бафæдзæхста, уый. 33Моисей ныхас куы фæци, уæд йæ цæсгомыл æмбæрзæн æркодта. 34Дунедарæгимæ ныхас кæнынмæ-иу куы цыд, уæд-иу систа йæ цæсгомæмбæрзæн, цалынмæ-иу фæстæмæ рацыд, уæдмæ. Куы-иу рацыд, уæд-иу израилæгтæн фехъусын кодта Дунедарæджы фæдзæхстытæ. 35Израилæгтæ-иу федтой Моисейы тæмæнкалгæ цæсгом, æмæ та-иу æй уый дæр бамбæрзта, цалынмæ-иу ногæй Дунедарæгимæ дзурынмæ нæ бацыд, уæдмæ.

**35** Моисей æрæмбырд кодта Израилы æппæт дзыллæйы æмæ сын загъта: «Дунедарæг фæдзæхсы: 2Æхсæз боны дæргъы кусут, æвдæм бон та уын уæд уаз æнцойбон, сабат, Дунедарæгæн — уаз. Уыцы бон чидæриддæр бакуса, уый мард æрцæуудзæн. 3Сабаты-иу арт дæр ма скæнут уæ хæдзæртты».

4Моисей Израилы дзыллæйæн загъта: «Мæнæ цы фæдзæхсы Дунедарæг: 5Дунедарæгæн æрæмбырд кæнут мысайнæгтæ. Алчидæр уæ, йæ зæрдæ куыд зæгъы, афтæ Йын æрбахæссæд сыгъзæрин, æвзист æмæ æрхуы, 6æрвхуыз, тар сырх æмæ сæнт сырх тæбын, лыстæг гæн æмæ тинтычъи, 7сырхахуырст фысдзæрмттæ, гогырæ сæрак æмæ акъаци хъæдæрмæг, 8оливæйы сой — цырагъæн, хæрздæфгæнæнтæ — сæрдæн сойæн æмæ буд судзынæн, 9оникс дур æмæ фæлгæты бавæргæ зынаргъ дуртæ — ефод æмæ риуылдарæн фæлындынæн. 10Къухджын уæ чи у, уыдон иууылдæр æрбацæуæнт æмæ скæнæнт, Дунедарæг цыдæриддæр бафæдзæхста, уый: 11Цатыр æмæ йæ сæр йе ’ддаг æмбæрзæнимæ, йæ къæпсыртæ, йæ фæлгæттæ, йæ хъилтæ, йæ цæджындзтæ æмæ йæ бынæнцайæнтæ, 12Фидыды Чырын, йæ хæссæн хъилтæ æмæ йæ сæр, стæй мидæмбæрзæн, 13фынг, йæ хæссæн хъилтæ æмæ йе ’ппæт дзауматæ, стæй, Мæ разы æвæрд цы дзултæ хъуамæ уой, уыдон, 14цырагъдарæн æд дзауматæ, æд цырæгътæ, цырæгътæн — сой, 15будсудзæн нывондхæссæн æмæ йæ хæссæн хъилтæ, сæрдæн сой æмæ буд, Цатыры дуарæмбæрзæн, 16иууылсудзинæгты нывондхæссæн æд æрхуы хызæг-фæлгæт, йæ хæссæн хъилтæ æмæ йе ’ппæт дзауматимæ, хихсæн аг йæ суанцъыимæ, 17кæрты æмбонд-æмбæрзæнтæ, сæ цæджындзтæ æд бынæнцайæнтæ, кæрты дуарæмбæрзæн, 18Цатыр ныффидар кæнынæн — михтæ, кæрты æмбонд-æмбæрзæн ныффидар кæнынæн — михтæ æмæ бæндæнтæ. 19Уаз Цæрæны лæггад кæнынæн дарæстæ — алчер Аарон æмæ йæ сауджын фырттæн».

20Израилы дзыллæ Моисейы цурæй рацыдысты. 21Уый фæстæ сæ алчидæр хаста зæрдæйы фæндон мысайнаг Дунедарæгæн, Фембæлды Цатыр саразынæн æмæ йæ мидæг алы уаз куыст кæнынæн, стæй сауджынты уазлæггады дарæстæн. 22Æрбацыдысты-иу нæлгоймæгтæ æмæ сæ устытæ, семæ-иу æрбахастой сæ зæрдиаг лæвæрттæ — сыгъзæрин фæлындæнтæ: фындзцæгтæ, хъусцæджытæ, къухдарæнтæ, фæрдгуытæ. Уыцы сыгъзæринтæ хастой Дунедарæгæн. 23Ноджы ма хастой æрвхуыз, тар сырх æмæ сæнт сырх тæбын, лыстæг гæн æмæ тинтычъи, сырхахуырст æлдыгъгонд фысдзæрмттæ æмæ гогырæ сæрак — кæмæ цы уыд, уый. 24Кæмæ уыд, уый-иу Дунедарæгæн мысайнаг æрбахаста æвзист кæнæ æрхуы. Акъаци хъæдæрмæг кæмæ уыд, уый дæр-иу æй æрбахаста. 25Къухмимæ чи арæхст, уыцы сылгоймæгтæ иууылдæр æлвыстой æмæ хастой æрвхуыз, тар сырх æмæ сæнт сырх

тæбын, стæй лыстæг гæн. 26Иннæ сылгой-
мæгтæ, æлвисын чи зыдта æмæ кæй фæндыд,
уыдон æлвыстой тинтычъи. 27Мыггæгты
хистæртæ хастой оникс æмæ æндæр зынаргъ
дуртæ фæлгæты бавæрынæн — ефод æмæ
риуылдарæнæн, 28стæй хæрздæфгæнæнтæ
æмæ оливæйы сой — цырагъæн, сæрдынæн
æмæ буд судзынæн. 29Афтæ израилæгтæ
иууылдæр, нæлгоймагæй, сылгоймагæй,
зæрдиагæй кæй фæндыд, уыдон се 'ппæт
дæр Дунедарæгæн хастой бархи лæвæрттæ,
Дунедарæг Моисейæн цы куыстытæ бафæ-
дзæхста, уыдон сæххæст кæнынæн.

30Моисей израилæгтæн загъта: «Уый зо-
нут, æмæ Дунедарæг равзæрста Иудæйы
хæдзарвæндагæй Бецалелы, Хуры фырт Ури-
йы фырты, 31схайджын æй кодта Хуыцауы
Удæй — скодта йæ куырыхон, радта йын зонд,
зонындзинæдтæ æмæ алы æвзыгъддзинад,
32æмæ уый дæсны у сыгъзæрин, æвзист æмæ
æрхуыйы куыст кæнынмæ, 33зоны дуртæ
кæрдын, фæлгæтты сæ æвæрын, арæхсы
хъæды куыстмæ, алы æрмгуыстмæ дæр дæс-
ны у. 34Уымæн æмæ Даны хæдзарвæндагæй
Ахисамахы фырт Охолиавæн Дунедарæг
радта иннæты ахуыр кæныны курдиат дæр.
35Дунедарæг сын радта нывæфтауæджы кур-
диат, стæй æрвхуыз, сæнт сырх, игæрхуыз
тæбын æмæ гæнæй нывæфтыд æмæ хуымæ-
тæг хъуымæцтæ уафыны курдиат — радта
сын алы дæсныйад æмæ алы арæхстдзинад.

**36** Бецалел æмæ Охолиав, стæй, Уаз Цæрæн
саразыны охыл Дунедарæг куырыхон зонд
æмæ дæсныйадæй кæй схайджын кодта, уы-
дон бакæнæнт, Дунедарæг куыддæриддæр
бафæдзæхста, афтæ».

2Моисей фæсидтис, Дунедарæг куырыхон
зонд кæмæн радта æмæ кусын райдайын-
мæ разæнгард чи уыди, уыцы Бецалел æмæ
Охолиавмæ, стæй иннæтæм. 3Моисейæ райс-
той, израилæгтæ Уаз Цæрæн саразынæн цы
мысайнæгтæ æрбахастой, уыдон æмæ рай-
дыдтой кусын. Ныр æм адæм та алы райсом
дæр хастой æмæ хастой бархи лæвæрттæ.

4Уæд Моисеймæ æрбацыдысты, Уаз Цæ-
рæн аразыны куыстытæ чи кодта, уыдон
5æмæ йын загътой: «Дунедарæг кæй бафæ-
дзæхста, уыцы куыст бакæнынæн адæм
фагæй фылдæр хæссынц». 6Моисейы бар-
дзырдмæ гæсгæ рæсæнуаты адæмæн фехъу-
сын кодтой, цæмæй нæлгоймагæй, сылгой-
магæй, мачиуал хæсса йæ мысайнæгтæ Уаз
Цæрæнмæ. Æмæ сын сæ нал истой. 7Фаг сæм
æрæмбырд, цас хъуыди, уымæй фылдæр.

8Цатыраразæг æрмдæснытæ здыхт гæн,
стæй æрвхуыз, сæнт сырх æмæ игæрхуыз
тæбынæй сцæттæ кодтой дæс уæфтæджы.
Уæфтæгтæ аив сфæлыстой херувимты ны-
вæфтыдтæй. 9Уæфтæгтæ уыдысты æмиæстæ:
дæргъмæ — фæйнæ аст æмæ ссæдз æлмæ-
рины, уæрхмæ — фæйнæ цыппар.

10Алы фондз уæфтæджы дæр кæрæдзимæ
бахуыдтой, æмæ сæ рауади дыууæ егъау
æмбæрзæны. 11-12Уыцы дыууæ æмбæрзæ-
нæн сæ фæйнæ тигъыл дæргъмæ бахуыдтой
фæйнæ дæс æмæ дыууиссæдз æрвхуыз сæх-
тæджы, иу æмбæрзæны сæхтæджытæ ин-
нæйы сæхтæджытæн се 'мных куыд фæуой,
афтæ — дыууæ æмбæрзæны баиу кæнынæн.
13Сарæзтой дæс æмæ дыууиссæдз сыгъзæрин
къæпсыры æмæ уыдонæй дыууæ æмбæрзæ-
ны баиу кодтой, æмæ сæ рауади Уаз Цæрæн.

14Уый фæстæ тинтычъийæ бауафтой иуæн-
дæс уæфтæджы — Фембæлды Цатыры цар
æмбæрзынæн. 15Уæфтæгтæ уыдысты æми-
æстæ: сæ дæргъ — фæйнæ дæс æмæ ссæдз
æлмæрины, сæ уæрх та — фæйнæ цыппар
æлмæрины. 16Фондз уæфтæджы дзы иумæ
бахуыдтой, æхсæз уæфтæджы — иумæ. 17Цæ-
мæй дыууæ æмбæрзæны баиу кæной, уый
тыххæй сын сæ фæйнæ кæроныл бахуыдтой
фæйнæ дæс æмæ дыууиссæдз сæхтæджы.
18Сарæзтой дæс æмæ дыууиссæдз æрхуы
къæпсыры — сæхтæджытæ кæрæдзиуыл
фæхæцынæн, цæмæй дыууæ æмбæрзæны
баиу кæной æмæ сæ иу царæмбæрзæн ра-
уайа. 19Цатыры царæн ма скодтой нოджы иу
æмбæрзæн — сырхахуырст фысдзæрмттæй,
уый уæлæ та æрæвæрдтой иннæ æмбæрзæн —
гогырæ сæракæй.

20Цатыры къултæ саразынæн акъацийæ
скодтой фæлгæттæ: 21сæ дæргъ — фæйнæ
дæс æлмæрины, сæ уæрх та — æлмæрин
æмæ æрдæг. 22Алы фæлгæт дæр арæзт æрцыд,
æмных æвæрд дыууæ амадхъæды баиу кæн-
гæйæ. Цатыры къулты фæлгæттæ иууылдæр
афтæ сарæзтой. 23Хуссарварс къулæн скодтой
ссæдз фæлгæты 24æмæ дыууиссæдз æвзист
бынæнцайæны, алы фæлгæтæн дæр — дыу-
уæ, йæ дыууæ амадхъæдæн. 25Цæгатварс
къулæн дæр скодтой ссæдз фæлгæты 26æмæ
дыууиссæдз æвзист бынæнцайæны, алы
фæлгæтæн дæр — дыууæ. 27Цатыры фæс-
таг, ныгуылæнварс цы къул уыди, уымæн
скодтой æхсæз фæлгæты, 28Цатыры фæстаг
дыууæ фисынæн та — фæйнæ фæлгæты.
29Уыцы дыууæ фæлгæты бынæй уыдыс-
ты саджилгонд, сæрæй та, фыццаг цæгыл
æфтыдæй — æнæхъæн. Афтæмæй, фæстаг

дыууæ фисынæн конд æрцыди фæйнæ фæлгæты. 30Уыцы аст фæлгæтæн уыди æхсæрдæс æвзист бынæнцайæны, алы фæлгæтæн дæр — дыууæ.

31Акъацийæ скодтой уæладзæнтæ, фондз уæладзæны — Цатырæн йæ иу фарсы фæлгæттæ баиу кæнынæн, 32фондз — йæ иннæ фарсы фæлгæттæ баиу кæнынæн, фондз та — йæ фæстаг фарсы фæлгæттæ баиу кæнынæн, ныгуылæнæрдыгæй. 33Алы къулæн дæр йæ астæуккаг уæладзæн тъыст æрцыди фæлгæтты ’хсæнты — къулæн йæ иу кæронæй йæ иннæ кæронмæ. 34Фæлгæттæ састæрдтой сыгъзæринæй, сæ фæрсчытыл сын бафидар кодтой сыгъзæрин цæгтæ, хъилтæ дзы батъыссынæн, æмæ уæладзæнтæ дæр састæрдтой сыгъзæринæй.

35Бауæфтой мидæмбæрзæн — æрвхуыз, сæнт сырх æмæ игæрхуыз тæбын æмæ здыхт гæнæй. Херувимты нывæфтыд сурæттæй йæ сфæлыстой. 36Дуарæмбæрзæнæн скодтой цыппар акъаци цæджындзы, састæрдтой сæ сыгъзæринæй, бакодтой сыл сыгъзæрин къæпсыртæ æмæ сын рацагътой цыппар æвзист бынæнцайæны. 37Цатырмæ бацæуæнæн дæр бауафтой дуарæмбæрзæн. Уыд алыхуызон — æрвхуыз, сæнт сырх æмæ игæрхуыз тæбын æмæ здыхт гæнæй. 38Скодтой йын фондз цæджындзы къæпсыртимæ, цъуппытæ æмæ тæлытæ састæрдтой сыгъзæринæй, цæджындзтæн скодтой фондз æрхуы бынæнцайæны.

**37** Бецалел акъацийæ сарæзта Фидыды Чырын, йæ дæргъ — дыууæ æлмæрины æмæ æрдæг, йæ уæрх — æлмæрин æмæ æрдæг, йæ бæрзæнд дæр — æлмæрин æмæ æрдæг. 2Мидæгæй дæр æмæ йæ æдде дæр састæрдта сыгъдæг сыгъзæринæй, стæй йын йæ алыварс ауагъта сыгъзæрин мæскъ. 3Сарæзта цыппар сыгъзæрин цæджы, йæ цыппар фисынæн, дыууæ цæджы — æмных фæрстæй иуы дыууæ фисыныл, дыууæ та — иннæйы дыууæ фисыныл бафтауынæн. 4Акъацийæ скодта дыууæ хъилы æмæ сæ састæрдта сыгъзæринæй. 5Хъилтæ — Фидыды Чырын хæссынæн — йæ фæйнæфарс цæгты батъыста. 6Фидыды Чырынæн скодта сæр сыгъдæг сыгъзæринæй, йæ дæргъ — дыууæ æлмæрины æмæ æрдæг, йæ уæрх та — æлмæрин æмæ æрдæг. 7-8Сыгъзæринæй рацагъта дыууæ херувимы, Фидыды Чырынæн йæ фæйнæ кæроныл, æмæ сиу сты йемæ. 9Херувимтæн сæ базыртæ уыдысты хæрдмæ тыгъд æмæ афтæмæй æмбæрзтой Фидыды Чырыны сæр, сæ цæсгæмттæ уыдысты кæрæдзимæ арæзт, се ’ргом та — Чырыны сæры ’рдæм.

10Бецалел акъацийæ сарæзта фынг, йæ дæргъ — æлмæрин æмæ æрдæг, йæ уæрх — æлмæрин, йæ бæрзæнд — æлмæрин æмæ æрдæг. 11Састæрдта йæ сыгъдæг сыгъзæринæй, стæй йын йæ алыварс ауагъта сыгъзæрин мæскъ. 12Фынджы кæрæтты скодта армытъæпæны бæрзæндæн сис æмæ йыл сыгъзæрин мæскъ ауагъта. 13Сарæзта цыппар сыгъзæрин цæджы æмæ сæ бафидар кодта фынджы цыппар фисыныл, йæ цыппар къахыл, 14-15уадздзæгтæ къæхтыл кæм æндзæвынц, уымыты. Акъацийæ скодта дыууæ хъилы æмæ сæ састæрдта сыгъзæринæй, стæй хъилтæ цæгты батъыста, фынг хæссынæн. 16Æппынфæстаг фынгæн сыгъдæг сыгъзæринæй скодта мигæнæнтæ: къустæ æмæ куыситæ — хæрздæфгæнæнтæн, хъуыраутæ æмæ хъæлацтæ та — сæнæн.

17Бецалел сыгъдæг сыгъзæринæй рацагъта цырагъдарæн, йе ’ппæт хæйттæ дæр — йæ зæнг, йæ къалиутæ æмæ йæ къусгæндтæ, уыдоны бын — тымбылæгтæ æмæ дидинсыфтæ — уыдысты иу æнæхъæн къæрттæй конд. 18Цырагъдарæныл уыд æхсæз къалиуы: æртæ къалиуы — иуæрдыгæй, æртæ — иннæрдыгæй. 19Алы къалиуыл дæр уыд æртæ къусгонды, миндал-æхсæры дидинкъусчы хуызæттæ, æд тымбылæгтæ æмæ æд дидинсыфтæ. 20Цырагъдарæнæн йæ зæнгыл уыди цыппар къусгонды, миндал-æхсæры дидинкъусчы хуызæттæ, æд тымбылæгтæ æмæ æд дидинсыфтæ. 21Фыццаг дыууæ къалиуы бынмæ — тымбылæг, дыккаг дыууæ къалиуы бынмæ — тымбылæг, æртыккаг дыууæ къалиуы бынмæ дæр — тымбылæг; афтæ хъуамæ уа цырагъдарæны æхсæз къалиуы бынмæ дæр. 22Цырагъдарæн æнæхъæнæй дæр — æд къусгæндтæ, æд тымбылæгтæ, æд дидинсыфтæ, æд къалиутæ æмæ æд зæнг — уыди сыгъдæг сыгъзæринæй цагъд. 23Бецалел ын скодта авд цырагъы, стæй сыгъдæг сыгъзæринæй æртыскæн æмæ фыййæгтæ. 24Йе ’ппæт дзауматимæ йыл бахардз кодта сыгъдæг сыгъзæрины талант.

25Бецалел акъацийæ сарæзта будсудзæн нывондхæссæн. Уый уыд раст цыппаркъуымон — æлмæрины йас дæргъмæ дæр æмæ уæрхмæ дæр, йæ бæрзæнд та — дыууæ æлмæрины. Цы сыкъатæ йын скодта, уыдон нывондхæссæнимæ уыдысты иу. 26Састæрдта йæ сыгъдæг сыгъзæринæй: йæ сæр, йæ фæрстæ алырдыгæй æмæ йæ сыкъатæ, стæй йын йæ алыварс ауагъта сыгъзæрин мæскъ.

[27]Сарæзта дыууæ сыгъзæрин цæджы æмæ
сæ бафидар кодта мæсчъы бын, нывондхæс-
сæны фæйнæфарс, цæмæй йæ хæссынæн сæ
мидæг хъилтæ акæнæн уа. [28]Хъилтæ скодта
акъацийæ æмæ сæ састæрдта сыгъзæринæй.
[29]Бецалел ма ноджы сцæттæ кодта уаз сæр-
дæн сой, стæй дæсны арæзт æмæ сыгъдæг
хæрздæфгæнæн.

**38** Бецалел акъацийæ сарæзта ииуылсу-
дзинæгты нывондхæссæн. Уыд раст цыппар-
къуымон — фондз æлмæрины дæргъæмæ дæр
æмæ уæрхмæ дæр, йæ бæрзæнд та — æртæ
æлмæрины. [2]Йæ цыппар тигъыл ын скодта
фæйнæ сыкъайы, нывондхæссæнимæ иу
куыд уыдаиккой, афтæ æмæ йæ иууылдæр
састæрдта æрхуыйæ.

[3]Скодта нывондхæссæны æппæт дзаума-
тæ: дурынтæ, фыййæгтæ, кæхцытæ, фыдис-
тæ æмæ цæхæрисæн кæфойтæ. Иууылдæр
сæ скодта æрхуыйæ. [4]Нывондхæссæнæн
æрхуыйæ скодта хызæг, бынæй йыл æй ба-
фидар кодта, нывондхæссæнæн йæ астæумæ
куыд æххæссыдаид, афтæ. [5]Скодта цыппар
цæджы æмæ сæ бафидар кодта æрхуы хызæ-
гæн йæ цыппар къуымыл — нывондхæссæны
хъилтæн. [6]Хъилтæ скодта акъацийæ æмæ
сæ састæрдта æрхуыйæ, [7]батъыста сæ ны-
вондхæссæны фæйнæфарс цæгты, цæмæй
йæ хæссæн уа. Нывондхæссæн скодта фæй-
нæгæй, мидæгæй афтид куыд уыдаид, афтæ.

[8]Уый фæстæ Бецалел æрхуыйæ сарæзта
хихсæн аг æмæ йын скодта æрхуы суанцъы.
Скодта сæ, Фембæлды Цатыры къæсæры
раз чи лæггад кодта, уыцы сылгоймæгты
æрхуы айдæнтæй.

[9]Бецалел скодта кæрт. Йе 'мбонд-æмбæр-
зæн, здыхт гæнæй уафт, хуссарæрдыгæй
дæргъæмæ уыди фондзыссæдз æлмæрины,
[10]ссæдз цæджындзыл ауыгъд. Цæджындз-
тæн уыди ссæдз æрхуы бынæнцайæны.
Цæджындзтыл уыди æвзист къæпсыртæ
æмæ æвзист тæлытæ. [11]Æмбонд-æмбæрзæн
цæгатæрдыгæй дæр дæргъæмæ уыди фон-
дзыссæдз æлмæрины, ссæдз цæджындзыл
ауыгъд, алы цæджындзæн дæр — æрхуы
бынæнцайæн. Цæджындзтыл уыди æвзист
къæпсыртæ æмæ æвзист тæлытæ. [12]Ныгу-
ылæнæрдыгæй æмбонд-æмбæрзæн уыди
дæс æмæ дыууиссæдз æлмæрины, дæс цæ-
джындзыл ауыгъд; цæджындзтæн — дæс
бынæнцайæны, цæджындзтыл — æвзист
къæпсыртæ æмæ æвзист тæлытæ. [13]Кæрты
скæсæнæрдыгæй фарсæн йæ дæргъ уыди дæс
æмæ дыууиссæдз æлмæрины. [14-15]Кулдуары
фæйнæфарс æмбонд-æмбæрзæнты дæргъ —
фæйнæ фынддæс æлмæрины, сæ дыууæ дæр
уыдысты æртыгай цæджындзтыл ауыгъд,
алы цæджындзæн дæр — бынæнцайæн.
[16]Кæрты æмбонд-æмбæрзæн иууылдæр
уыди здыхт гæнæй уафт, [17]йæ цæджындз-
ты бынæнцайæнтæ та — æрхуыйæ конд.
Цæджындзтыл — æвзист къæпсыртæ æмæ
æвзист тæлытæ, цæджындзты цъуппытæ —
æвзистæй астæрд, цæджындзтæн се 'ппæтæн
дæр — æвзист тæлытæ.

[18]Кулдуары дуарæмбæрзæн уыд алыху-
ызон æндæхтæй уафт — здыхт гæн, стæй
æрвхуыз, игæрхуыз æмæ сæнт сырх тæбы-
нæй, уыди ссæдз æлмæрины дæргъæн. Йæ
бæрзæнд уыди фондз æлмæрины, кæрты
æмбонд-æмбæрзæны хуызæн. [19]Кулдуарæн
уыди цыппар цæджындзы, æрхуы бынæн-
цайæнтæ сын. Цæджындзтыл уыди æвзист
къæпсыртæ, сæ цъуппытæ уыдысты æвзис-
тæй астæрд, кæрæдзимæ та баст цыдысты
æвзист уистæй. [20]Уаз Цæрæны æмæ кæрты
æмбонд-æмбæрзæны михтæ иууылдæр уы-
дысты æрхуыйæ конд.

[21]Мæнæ Фембæлды Цатыр саразыны
хæрдзтæ. Моисейы фæдзæхстмæ гæсгæ сæ
бахыгътой левиттæ, сауджын Аароны фырт
Итамар сæ сæргъы, афтæмæй. [22]Цатыр сара-
зыны æппæт хъуыддæгтæ та кæнгæ бакодта,
Дунедарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста,
афтæ Бецалел, Хуры фырт Урийы фырт, Иу-
дæйы хæдзарвæндагæй. [23]Йемæ æмгуыст
кодта Ахисамахы фырт Охолиав — Даны
хæдзарвæндагæй, нывæфтауæг, стæй æрв-
хуыз, игæрхуыз æмæ сæнт сырх тæбынæй
æмæ гæнæй нывæфтыд хъуымæцтæ уафæг
æрмдæсны.

[24]Уаз Цæрæн йе 'ппæт дзауматимæ саразы-
нæн нывондаг сыгъзæрин бахъуыди фараст
æмæ ссæдз таланты æмæ авдсæдæ æртын
шекелы, кувæндоны шекелтæй нымайгæйæ.

[25]Адæмы сфыст саразыны тыххæй цы æв-
зист æрæмбырд, уымæн йæ бæрц уыди сæдæ
таланты æмæ мин авдсæдæ æвдай фондз
шекелы, кувæндоны шекелтæй нымайгæ-
йæ. [26]Æхсæзсæдæ æртæ мин фондзсæдæ
фæндзай лæгæй, ссæдзаздзыдтæй уæлæмæ
йæхи чи сфыста, уыдонæй алкæмæй дæр
ист æрцыд æвзисты шекелы æмбис, кувæн-
доны шекелтæй нымайгæйæ. [27]Уаз Цæрæ-
ны цæджындзты æмæ йæ мидæмбæрзæны
цæджындзты бынæнцайæнтæн бахъуыди
æвзисты сæдæ таланты, сæдæ бынæнцайæ-
нæн — сæдæ таланты, иу бынæнцайæнæн —
иу талант. [28]Æвзисты мин авдсæдæ æвдай

фондз шекелæй та цæджындзтæн скодтой
къæпсыртæ æмæ уистæ, стæй састæрдтой
цæджындзты цъуппытæ.
29Нывондаг æрхуыйы бæрц уыди дæс æмæ
æртиссæдз таланты æмæ дыууæ мин цып-
парсæдæ шекелы. 30Уымæй конд æрцыдисты
Фембæлды Цатырмæ бацæуæны цæджындз-
ты бынæнцайæнтæ, æрхуы нывондхæссæн
йæ хызæг æмæ йе ’ппæт дзауматимæ, 31кæр-
ты æппæт цæджындзты бынæнцайæнтæ,
кулдуары цæджындзты бынæнцайæнтæ,
стæй Цатыры æмæ кæрты æмбонд-æмбæр-
зæны æппæт михтæ.

**39** Æрвхуыз, игæрхуыз æмæ сæнт сырх
тæбынæй скодтой Ааронæн дарæстæ, Уаз
Цæрæны лæггад кæнынæн, Дунедарæг Мо-
исейæн куыд бафæдзæхста, афтæ. 2Сыгъ-
зæрин æндахæй, æрвхуыз, сæнт сырх æмæ
игæрхуыз тæбынæй æмæ здыхт гæнæй ба-
уафтой ефод. 3Уый тыххæй сыгъзæринæй
скодтой тæнæг уадздзæгтæ, уадздзæгтæй
рауагътой æндæхтæ. Уыцы сыгъзæрин æн-
дæхтæй, æрвхуыз, сæнт сырх æмæ игæрхуыз
тæбынæй æмæ лыстæг гæнæй бауафтой ны-
вæфтыд раздарæн. 4Ефоды дыууæ кæроныл
бафидар кодтой уæхскбостæ. 5Ефодæн йæ
астæубос дæр скодтой, йæхæдæг цæмæй
у, уымæй: сыгъзæрин æндахæй, æрвхуыз,
сæнт сырх æмæ игæрхуыз тæбынæй æмæ
лыстæг гæнæй, Дунедарæг Моисейæн куыд
бафæдзæхста, афтæ.
6Æрцамадтой оникс дуртæ, мыхуырыл
фыстытæ куыд скъахынц, афтæ сыл скъах-
той Израилы фыртты нæмттæ, бавæрдтой
сæ сыгъзæрин фæлгæтты 7æмæ сæ бафи-
дар кодтой ефоды уæхскбостыл — Израилы
фыртты мысынæн, Дунедарæг Моисейæн
куыд бафæдзæхста, афтæ. 8Ефод цæмæй
конд æрцыд, уымæй скодтой риуылдарæн
дæр — сыгъзæрин æндахæй, уыимæ æрв-
хуыз, игæрхуыз æмæ сæнт сырх тæбынæй
æмæ здыхт гæнæй уафт хъуымацæй, ны-
вæфтыдтимæ. 9Уый уыд цыппæрдигъон,
дæргъмæ дæр æмæ уæрхмæ дæр — уылынг,
дыдагъ уæфтæгæй конд. 10Риуылдарæныл
бафидар кодтой зынаргъ дуртæ — цыппар
рæнхъæй. Фыццаг рæнхъы уыдисты лал,
топаз, изумруд; 11дыккаджы — малахит, сап-
фир, алмаси; 12æртыккаджы — гиацинт, агат,
аметист; 13цыппæрæмы — хризолит, оникс,
яшмæ. Æвæрд æрцыдисты сыгъзæрин фæл-
гæтты. 14Зынаргъ дуртæ нымадæй уыдисты
дыууадæс, Израилы фыртты нæмттимæ:
мыхуырыл фыстытæ куыд скъахынц, афтæ
сыл къахт æрцыдисты Израилы дыууадæс
хæдзарвæндаджы нæмттæ, алы дурыл дæр —
иу ном. 15Риуылдарæнæн сыгъдæг сыгъ-
зæринæй баздыхтой зæринбыд рæхыстæ,
бæндæн куыд баздухынц, афтæ. 16Скодтой
дыууæ сыгъзæрин фæлгæты æмæ дыууæ
сыгъзæрин цæджы æмæ дыууæ цæджы ба-
фидар кодтой риуылдарæны дыууæ къуымы.
17Дыууæ зæринбыд рæхысбосы бафидар
кодтой дыууæ цæгмæ риуылдарæны къуым-
ты, 18рæхысбосты иннæ кæрæттæ — ефоды
уæхскбосты дыууæ фæлгæтмæ разæрдыгæй.
19Ноджы ма скодтой дыууæ сыгъзæрин цæ-
джы æмæ сæ риуылдарæны бинаг дыууæ
къуымыл мидæджырдыгæй — риуылдарæн
ефодыл кæм бадт, уым — бафидар кодтой.
20Ноджы ма скодтой дыууæ сыгъзæрин цæ-
джы æмæ сæ бафидар кодтой ефоды раззаг
хаймæ, бынæй, ефодæн йæ астæубосы сæр-
мæ. 21Риуылдарæны бинаг цæгтæ ефоды
цæгтимæ бабастой æрвхуыз синагæй, ас-
тæубосы сæрмæ риуылдарæн ефодыл æнгом
куыд бада. Дунедарæг афтæ бафæдзæхста
Моисейæн. 22Ефоды бын дарынæн бауафтой
пæлæз, æгасæй дæр — æрвхуыз тæбынæй.
23Пæлæзы астæуæй скодтой къæртт — сæ-
рыл æркæнынæн. Йæ кæрæттæ йын фидар
бахуыдтой, цæмæй ма скъуыйа. 24Пæлæ-
зы фæччийыл кæрæй-кæронмæ æрвхуыз,
игæрхуыз æмæ сæнт сырх тæбынæй скодтой
гранат фæткъуыйы хуызæн тымбылæгтæ,
25уыдоны ’хсæнты та æрцауыгътой сыгъзæ-
рин дзæнгæрджытæ. 26Фæччийыл кæрæй-
кæронмæ æхсæнмæ-æхсæнты — дзæнгæрæг
æмæ тымбылæг, дзæнгæрæг æмæ тымбылæг.
Дунедарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста,
уымæ гæсгæ ахæм дарæсы кæнгæ у уаз куыст.
27-29Ноджы ма Аарон æмæ йæ фырттæн
гæнæй бауафтой хæдæттæ, сарыхъ æмæ
сæрылбæттæнтæ, здыхт гæнæй та — цыбыр
хæлæфтæ, уыимæ ма Ааронæн здыхт гæнæй
æмæ æрвхуыз, игæрхуыз, стæй сæнт сырх
тæбынæй бауафтой нывæфтыд рон. Афтæ
бафæдзæхста Дунедарæг Моисейæн.
30Сыгъдæг сыгъзæринæй скодтой уаз
уадздзаг æмæ, мыхуырыл фыстытæ куыд
скъахынц, афтæ йыл ныффыстой: «Дуне-
дарæджы уаз хай». 31Бакодтой йыл æрвхуыз
синаг, сарыхъыл æй разæрдыгæй бабæтты-
ны тыххæй. Афтæ бафæдзæхста Дунедарæг
Моисейæн.
32Æппынфæстаг Фембæлды Цатыр сара-
зыны куыстытæ иууылдæр фесты. Израи-
лæгтæ бакодтой, Дунедарæг Моисейæн цы-
дæриддæр бафæдзæхста, уый. 33Моисеймæ

æрбахастой Цатыр — йæ уæфтæгтæ æд æп-
пæт дзауматæ: къæпсыртæ, фæлгæттæ, хъил-
тæ, цæджындзтæ, бынæнцайæнтæ; 34царæм-
бæрзæнтæ: сырхахуырст фысдзæрмттæй
конд царæмбæрзæн æмæ гогырæ сæракæй
конд мидæмбæрзæн, 35Фидыды Чырын, йæ
хæссæн хъилтæ, йæ сæр, 36фынг йе ’ппæт
дзауматæ æмæ, Мæ разы æвæрд цы дзултæ
хъуамæ уой, уыдонимæ, 37сыгъдæг сыгъ-
зæринæй конд цырагъдарæн æд цырæгътæ,
æппæт дзауматæ æмæ сой, 38сыгъзæрин
нывондхæссæн, сæрдæн сой, буд, Цатыры
дуарæмбæрзæн, 39æрхуы нывондхæссæн
æмæ йæ æрхуы хызæг, йæ хæссæн хъилтæ
æмæ йе ’ппæт дзауматæ, хихсæн аг йæ суан-
цъыимæ, 40кæрты æмбонд-æмбæрзæнтæ,
йæ цæджындзтæ æд бынæнцайæнтæ, стæй
кæрты дуарæмбæрзæн, бæндæнтæ, михтæ
æмæ Фембæлды Цатыры лæггадæн хъæугæ
æппæт мигæнæнтæ, 41Уаз Цæрæны лæггад
кæнынæн дарæстæ — алчер Аарон æмæ йæ
сауджын фырттæн. 42Израилæгтæ Цатыр
саразыны æппæт куыстытæ дæр бакодтой,
Дунедарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста,
афтæ. 43Моисей федта, адæм Дунедарæ-
джы фæдзæхст кæй сæххæст кодтой, æппæт
куыстытæ дæр кæй фесты, уый æмæ сын
раарфæ кодта.

**40** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Фыццаг
мæйы фыццаг бон æрæвæр Фембæлды Ца-
тыр. 3Бахæсс Фидыды Чырын æмæ йæ мид-
æмбæрзæнæй сæхгæн. 4Бахæсс фынг æмæ
йыл йæ дзауматæ иууылдæр æрæвæр. Æрба-
хæсс цырагъдарæн æмæ йыл йæ цырæгътæ
æрæвæр. 5Сыгъзæрин нывондхæссæн — буд-
судзæн — æрæвæр Фидыды Чырыны раз.
Фембæлды Цатыры бацæуæныл æрцауындз
дуарæмбæрзæн. 6Йæ къæсæры ракомкоммæ
йын æрæвæр иууылсудзинæгты нывонд-
хæссæн. 7Цатырæй нывондхæссæны ’хсæн
æрæвæр хихсæн аг æмæ дзы дон ныккæн.
8Цатырæн йæ алыварс скæн кæрт æмæ кæр-
ты бацæуæныл æрцауындз дуарæмбæрзæн.
9Райс сæрдæн сой æмæ дзы байсæрд Цатыр,
уыимæ, Цатыры цыдæриддæр ис, уыдон
æмæ Дунедарæгæн снывонд кæн Цатырæн
йæхи дæр, стæй йе ’ппæт дзауматæ дæр, æмæ
уæд уаз уыдзысты. 10Байсæрд иууылсудзи-
нæгты нывондхæссæн йе ’ппæт дзауматимæ.
Нывондхæссæн снывонд кæн Дунедарæгæн,
æмæ суыдзæн иууылуаз. 11Байсæрд хихсæн
аг йæ суанцъыимæ æмæ йæ снывонд кæн
Дунедарæгæн. 12Аарон æмæ йæ фыртты
æрбакæн Фембæлды Цатыры къæсæрмæ
æмæ сæ донæй цæхс. 13Аароныл скæн уаз
дарæс æмæ йæ байсæрд, срухс æй кæн, æмæ
суа Мæ сауджын. 14Йæ фыртты дæр ын æр-
бакæн æмæ сыл скæн хæдæттæ. 15Сæ фы-
ды сын куыд байсæрстай, афтæ уыдоны
дæр байсæрд, цæмæй суой Мæ сауджынтæ.
Уыцы байсæрсты фæрцы сæ байзæддæгтæ
дæр уыдзысты сауджынтæ — мыггагмæ,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ».

16Моисей бакодта, Дунедарæг ын куыддæ-
риддæр бафæдзæхста, афтæ. 17Израилæг-
тæ Мысырæй куы рацыдысты, уымæн йæ
дыккаг азы фыццаг мæйы фыццаг бон Уаз
Цæрæн æвæрд æрцыд. 18Æрцарæзта йæ Мо-
исей: æрæвæрдта бынæнцайæнтæ, уыдоныл
æрсагъта фæлгæттæ, фæлгæттæ кæрæдзимæ
бафидар кодта хъилтæй, ныффидар кодта
цæджындзтæ, 19Цатыры сæрыл æрытыдта
æмбæрзæн, ууыл та — дыккаг æмбæрзæн, —
Дунедарæг ын куыд бафæдзæхста, афтæ.

20Уый фæстæ Моисей Фидыды Чырыны
нывæрдта Дунедарæджы фæдзæхстытæ,
хъилтæ сæ бынæтты бакодта æмæ Чыры-
нæн йæ сæр æрæвæрдта йæ уæлæ. 21Стæй
Фидыды Чырын бахаста æмæ, Дунедарæг
ын куыд бафæдзæхста, афтæ йæ мидæм-
бæрзæнæй сæхгæдта. 22Фембæлды Цаты-
ры, цæгатæрдыгæй, мидæмбæрзæны цур,
æрæвæрдта фынг 23æмæ фынгыл, Дунеда-
рæджы раз, равæрдта дзултæ, Дунедарæг
ын куыд бафæдзæхста, афтæ. 24Фембæлды
Цатыры, хуссарæрдыгæй, фынджы баком-
коммæ, æрæвæрдта цырагъдарæн 25æмæ
йыл Дунедарæджы раз сæвæрдта цырæгътæ,
Дунедарæг ын куыд бафæдзæхста, афтæ.
26Сыгъзæрин нывондхæссæн æрæвæрдта
Фембæлды Цатыры, мидæмбæрзæны раз,
27æмæ йыл басыгъта хæрздæф буд, Дунеда-
рæг ын куыд бафæдзæхста, афтæ. 28Цатыры
бацæуæныл æрцауыгъта дуарæмбæрзæн.

29Фембæлды Цатыры къæсæрмæ æрæ-
вæрдта иууылсудзинæгты нывондхæссæн
æмæ йыл æрхаста иууылсудзинаг нывæндтæ
æмæ хойраджы хуынтæ, Дунедарæг ын куыд
бафæдзæхста, афтæ. 30Цатырæй нывондхæс-
сæны ’хсæн æрæвæрдта хихсæн аг æмæ дзы
дон ныккодта. 31Уым Моисей, Аарон æмæ
Аароны фырттæ æхсадтой сæ къухтæ æмæ
сæ къæхтæ, 32Фембæлды Цатырмæ кæнæ-иу
нывондхæссæнмæ куы цыдысты, уæд, Дуне-
дарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста, афтæ.
33Моисей Цатыры алыварс скодта кæрт æмæ
кæрты бацæуæныл æрцауыгъта дуарæмбæр-
зæн. Ууыл Моисей фæци Фембæлды Цатыр
аразыны æппæт куыстытæ дæр.

34-35 Уæд æврагъ æрæмбæрзта Фембæлды
Цатыр, æмæ Цатыр Дунедарæджы кадæй
байдзаг ис. Уый тыххæй Моисейы бон нæ
уыди Цатырмæ бацæуын. 36 Æврагъ-иу Цаты-
рæй йæхи хæрдмæ куы систа, уæд-иу Изра-
илы адæм араст сты сæ радон балцы, 37 йæхи
хæрдмæ куынæ иста, уæд та никуыдæм
цыдысты — æнхъæлмæ кастысты, ногæй та
йæхи кæд сисдзæн, уымæ. 38 Боныгон Цаты-
ры сæрмæ лæууыди Дунедарæджы æврагъ,
æхсæвы та уыцы æврагъы мидæг сыгъди арт,
æмæ йæ уыдтой æппæт израилæгтæ дæр.
Афтæ уыд алы хатт дæр, израилæгтæ-иу
фæндагыл куы уыдысты, уæд.

# Моисейы æртыккаг чиныг

# Левит

Ацы чиныджы сæйрагдæр дзырдæуы Хуыцауы лæггадгæнджытæ — Левийы хæдзарвæндаджы — вазыгджын хæстыл. Цы цауты кой дзы цæуы, уыдон адарддæр кæнынц, Хуыцау Йæ фæдзæхстытæ Моисеймæ (адæмыл сæ сæмбæлын кæнынмæ) Синайы хохыл куы радта, Рацыды уыцы истори. Чиныджы райдианы (1–10 сæртæ) Хуыцауы уазлæггадгæнджытæн амынд цæуынц нывæндтæ хæссынимæ баст хæстæ. Нывæндтæн гæнæн ис æмæ уа алыхуызон нысаниуæг: хицæн адæймæгтæ æмæ адæм æмхуызонæй бузныджы охыл Хуыцауæн хай кæнынц, Йæхæдæг сын цы радта, уымæй, сæрныллæгæй ныхас кæнынц Йемæ кæнæ та Йæ разы фæсмон кæнынц сæ тæригъæдтыл.

Дарддæр (11–16 сæртæ) чиныджы дзырдæуы сыгъдæг æмæ æнæсыгъдæг кæрæдзийæ иртасыны уагæвæрдтыл. Хуыцауы адæмæн æмбæлы сæ сыгъдæгдзинад хъахъхъæнын, æмæ уый зыны се 'рвылбоны царды уагыл дæр, фыццаджыдæр та — хæрыны æгъдауыл.

Хицæн адæймаг æмæ бинонтæн æххæст кæнын кæй æмбæлы, æхсæнадон æмæ экономикон æууæлтæ кæй домынц, бирæ ахæм уагæвæрдтыл дзырдæуы чиныджы иннæ хайы (17–27 сæртæ). Уыдонæн сæ фылдæр сты рагскæсæйнаг адæмты æгъдæутты æнгæс, фæлæ сæ бындуры ис адæймаджы бархи фæндон не Сфæлдисæг Хуыцауы фæндагыл цæуын. «Уарз хионы, дæхи куыд уарзыс, афтæ» (19:18) — ахæм у, ацы чиныгмæ гæсгæ, Хуыцауы адæмы ахастдзинæдтæ цы сæйраг хъуыдыйыл æнцайынц, уый.

---

**1** Дунедарæг фæсидти Моисеймæ Фем-
бæлды Цатырæй æмæ йын загъта: 2 «Изра-
илæгтæн фехъусын кæн: Дунедарæгæн уæ
йæ фосæй нывондæн чи цы хæсса, стур уа
æви лыстæг фос, уый йæхи бар у. 3 Йе стур-
восæй иууылсудзинаг нывонд куы хæсса,
уæд хъуамæ равзара æнæсахъат гал. Фем-
бæлды Цатыры къæсæрмæ йæ æрбакæнæд,
цæмæй йæ нывонд Дунедарæгæн æхцон
уа. 4 Иууылсудзинаг нывонды сæрыл йæ
къух æрæвæрæд, цæмæй йын æй айстæуа
æмæ йæ тæригъæдтæ барст æрцæуой. 5 Га-
лы Дунедарæджы раз аргæвдæд, Аароны
байзæддæгтæ, сауджынтæ та йын йæ туг,
Фембæлды Цатыры раз цы нывондхæссæн
ис, ууыл алырдыгæй бапырх кæнæнт. 6 Ны-
вондхæссæг иууылсудзинагæн йæ царм бас-
тигъæд æмæ йæ суæнгтæ кæнæд. 7 Сауджын
Аароны байзæддæгтæ нывондхæссæныл арт
скæнæнт æмæ йыл сугтæ æрæвæрæнт. 8 Ааро-
ны байзæддæгтæ, сауджынтæ, сугты сæрыл
кусарты уæнгтæ равæрæнт, йæ сæр æмæ йæ
фиу дæр семæ куыд уой, афтæ. 9 Кусартæн йæ
хуылфыдзаумæттæ æмæ йæ къæхтæ хъæуы
доны ныхсын. Уый фæстæ сауджын кусарт
æнæхъæнæй нывондхæссæныл басудзæд.
Уый у иууылсудзинаг нывонд, æхцон хæрз-
дæф, арты нывонд Дунедарæгæн.

10 Искæмæн йæ иууылсудзинаг нывонд
лыстæг фосæй куы уа, фыс кæнæ сæгъ, уæд
нывондæн хъуамæ æрхæсса æнæсахъат фыр
кæнæ æнæсахъат цæу. 11 Аргæвдæд æй Дуне-
дарæджы раз, нывондхæссæны цæгатварс,
æмæ йын Аароны байзæддæгтæ, сауджын-
тæ, йæ туг нывондхæссæныл алырдыгæй
бапырх кæнæнт. 12 Кусарт хъæуы суæнгтæ
кæнын, æмæ сауджын кусарты уæнгтæ сæр
æмæ фиутимæ равæрæд нывондхæссæныл,

судзгæ сугты сæрыл. 13Кусарты хуылфыдзаумæттæ æмæ къæхтæ хъæуы доны ныхсын, уый фæстæ сæ сауджын нывондхæссæныл басудзæд. Уый у иууылсудзинаг нывонд, æхцон хæрздæфæн, арты нывонд Дунедарæгæн.

14Исчи Дунедарæгæн иууылсудзинаг нывондæн маргъ куы хæсса, уæд равзарæд æхсинæг кæнæ бæдул бæлон. 15Сауджын маргъы нывондхæссæнмæ бахæссæд, йæ къубал ын фездухæд æмæ йæ нывондхæссæныл басудзæд, йæ туг та йын нывондхæссæны фарсыл бакалæд. 16Йæ гуцъа йын йæ пакъуытимæ стонæд æмæ йæ нывондхæссæны скæсæнварс, фæнык кæдæм фæкалынц, уырдæм аппарæд. 17Йæ базыртыл ын, скъуынæгау, фæйнæрдæм ахæцæд, фæлæ йæ дыууæ дихы ма фæкæнæд, нывондхæссæныл æй сугæй арты басудзæд. Уый у иууылсудзинаг нывонд, æхцон хæрздæф, арты нывонд Дунедарæгæн.

**2** Дунедарæгæн хойраджы хуын чи хæсса, уый хъуамæ райса мæнæуы ссад, æркæна йыл оливæйы сой, æрæвæра йыл буд 2æмæ йæ æрбахæсса Аароны байзæддæгтæм, сауджынтæм. Сойхæццæ ссадæй сауджын йæ армы дзаг сисæд, стæй буд дæр иууылдæр райсæд æмæ сæ нывондхæссæныл басудзæд, хуын иууылдæр Дунедарæджы кæй у, уый нысанæн. Уый у арты нывонд, Дунедарæгæн æхцон хæрздæф. 3Хойраджы хуынæй ма цы баззайа, уый Аарон æмæ йæ байзæддæгты хай у — иууылуаз, Дунедарæджы хуынтæй ист.

4Пецы фых хойраджы хуын хъуамæ уа мæнæуы ссадæй: сойхæццæ ссадæй донгонд гуылтæ кæнæ сойæ сæрст донгонд лауаситæ.

5Алгъацы фых хойраджы хуын хъуамæ уа сойхæццæ мæнæуы ссадæй, донгонд хыссæйæ. 6Дзул асæстытæ кæн æмæ йыл оливæйы сой ауадз. Уый дын — хойраджы хуын.

7Къуырф тебæйы фых хойраджы хуын хъуамæ уа сойхæццæ мæнæуы ссадæй.

8Дунедарæджы номыл конд хойраджы хуын æрбахæсс æмæ йæ сауджынмæ ратт. Уый йæ бахæсдзæн нывондхæссæнмæ. 9Хуынæн йæ иу хай нывондхæссæныл басудздзæн, иууылдæр Дунедарæджы кæй у, уый нысанæн. Уый у арты нывонд, Дунедарæгæн æхцон хæрздæф. 10Цы ма дзы баззайа, уый Аарон æмæ йæ байзæддæгты хай у — иууылсыгъдæг, Дунедарæджы хуынтæй ист.

11Дунедарæгæн æнхъизæнджын хойраджы хуынтæ ма хæссут, уымæн æмæ нæдæр æнхъизæнджын хойраг, нæдæр мыд Дунедарæгæн арты нывондæн хæссын æмбæлы. 12Уыдон ын уæ хоры сæртимæ хæссут, фæлæ сæ нывондхæссæныл æхцон хæрздæфы номыл ма судзут.

13Дæ алы хойраджы хуыныл дæр хъуамæ цæхх уа, æдзæххæй йæ ма ныууадз, уымæн æмæ цæхх нысан кæны, дæ Хуыцауы фидыд демæ мыггагмæ кæй ис, уый. Дæ алы хуыныл дæр хъуамæ цæхх уа.

14Дунедарæгæн дæ хоры сæртæй хойраджы хуын куы хæссай, уæд-иу æрбахæсс фæхты хост цæкуытæ — цъæх æфсиртæй. 15Оливæйы сой сыл æркæн æмæ сыл уæлейæ буд æрæвæр. Уый у хойраджы хуын. 16Сауджын сойхæццæ цæкуытæн сæ иу хай, стæй буд æнæхъæнæй басудзæд, хуын иууылдæр Дунедарæджы кæй у, уый нысанæн. Уый у арты нывонд Дунедарæгæн.

**3** Исчи фидыды нывонд стурвосæй куы хæсса, гал кæнæ хъуг, уæд Дунедарæджы размæ æрбакæнæд æнæсахъат кусæрттаг. 2Йæ къух ын йæ сæрыл æрæвæрæд æмæ йæ Фембæлды Цатыры къæсæры цур аргæвдæд. Аароны байзæддæгтæ, сауджынтæ та йын йæ туг нывондхæссæныл алырдыгæй бапырх кæнæнт. 3Фидыды нывондæн йæ хуылфыдзаумæтты фиу иууылдæр Дунедарæгæн æрхæссæд арты нывондæн, 4стæй уыргтæ дæр, æгъдтыл цы фиу ис, уыимæ. Уыргтимæ рахицæн кæнын хъæуы игæры æфтуанхай дæр. 5Аароны байзæддæгтæ уыдон иууылдæр нывондхæссæныл басудзæнт, сугты сæрыл цы иууылсудзинаг æвæрд ис, уыимæ, — уый у арты нывонд, Дунедарæгæн æхцон хæрздæф.

6Дунедарæгæн фидыды нывонд чи хæсса лыстæг фосæй — мадæл кæнæ нæл, уый-иу æрбакæнæд æнæсахъат кусæрттаг. 7Фыс куы хæсса нывондæн, уæд æй æрбакæнæд Дунедарæджы размæ. 8Йæ къух ын йæ сæрыл æрæвæрæд æмæ йæ Фембæлды Цатыры цур аргæвдæд, стæй йын Аароны байзæддæгтæ йæ туг нывондхæссæныл алырдыгæй бапырх кæнæнт. 9Фидыды нывондæн йæ фиу иууылдæр Дунедарæгæн арты нывондæн æрхæссæд: кусарты дымæг æнæхъæнæй (йæ тæккæ рæбыныл æй рагъыстæгæй фæхицæн кæнæд, афтæмæй), хуылфыдзаумæтты фиу, 10уыргтæ æд фиу, æгъдтыл цы фиу ис, уый, стæй игæры æфтуанхай. 11Сауджын сæ нывондхæссæныл басудзæд. Уыдон арты хойраг сты — Дунедарæгæн хаст нывонд.

12Сæгъ нывондæн чи хæсса, уый йæ Дунедарæджы размæ æрбакæнæд. 13Йæ къух ын

йæ сæрыл æрæвæрæд æмæ йæ Фембæлды
цатыры цур аргæвдæд, стæй йын Аароны
байзæддæгтæ йæ туг нывондхæссæныл
алырдыгæй бапырх кæнæнт. 14Хуылфы-
дзаумæтты фиу иуыылдæр Дунедарæгæн
арты нывондæн æрхæссæд, 15стæй уыргтæ,
æгъдтыл цы фиу ис, уыимæ, æмæ игæры
æфтуанхай. 16Сауджын сæ нывондхæссæныл
басудзæд. Уыдон сты арты хойраг — Дунеда-
рæгæн æхцон хæрздæфæн. Фиутæ иуыылдæр
Дунедарæджы хай сты. 17Уый уын — мыггаг-
мæйы уагæвæрд, фæлтæрæй-фæлтæрмæ:
кæмдæриддæр цæрат, кусарты фиутæ æмæ
тугæй уæхи макуы фæхъæстæ кæнут».

**4** Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста, 2цæ-
мæй израилæгтæн зæгъа: «Исчи Дунеда-
рæджы фæдзæхстытæй искæцыйы сæрты
æнæбары куы ахиза, цы не ’мбæлы, ахæм
исты куы ракæна, 3алчер тæригъæды куы
бацæуа, æмæ уый аххосæй æппæт адæм дæр
азымджын куы фæуой, уæд Дунедарæгæн
тæригъæды нывондæн æрбакæнæд æнæса-
хъат гал. 4Æрлæууын æй кæнæд Фембæлды
Цатыры къæсæры цур, Дунедарæджы раз.
Йæ къух галы сæрыл æрæвæрæд æмæ йæ
стæй аргæвдæд Дунедарæджы раз. 5Уый
фæстæ алчер галы тугæй сисæд, Фембæлды
Цатырмæ йæ бахæссæд 6æмæ дзы йе ’нгу-
ылдзæй Дунедарæджы раз, Рухсмонуаты
æмбæрзæны цур, авд хатты бапырх кæнæд.
7Фембæлды Цатыры мидæг Дунедарæджы
раз цы будсудзæн нывондхæссæн ис, уы-
мæн дæр йæ сыкъатæ галы тугæй сахорæд.
Тугæй ма цы баззайа, уый иуыылдæр, Ца-
тыры къæсæры раз цы иууылсудзинæгты
нывондхæссæн ис, уый рæбын акалæд. 8Ку-
сарты фиутæ иууылдæр фæхицæн кæнæд:
хуылфыдзаумæтты фиу, 9уыргтæ æд фиу,
æгъдты фиу, стæй игæры æфтуанхай. 10Фи-
дыды нывондæн цы гал æрхæссынц, уымæн
куыд бакæнынц, афтæ сæ ацы галæн дæр
фæхицæн кæнæд æмæ сæ иууылсудзинæгты
нывондхæссæныл басудзæд. 11Кусарты царм,
фыд, сæр, къæхтæ, хуылфыдзаумæттæ æмæ
тъæнгты чъизитæ — 12цы ма дзы баззайа,
уыдон иууылдæр рæсæнуатæй æддæмæ, фæ-
нык кæдæм фæкалынц, уыцы сыгъдæг ран-
мæ ахæссæд. Уым хъуамæ сыгъд æрцæуой.

13Израилы адæм се ’ппæт дæр, сæхæдæг
дæр æй нæ бафиппайдтой, афтæмæй æнæ-
бары тæригъæды куы бацæуой, Дунедарæ-
джы фæдзæхстытæй искæцыйы сæрты куы
ахизой, куы фæазымджын уой 14æмæ сын сæ
азым куы бацамындæуа, уæд тæригъæды
нывондæн æрбакæнæнт гал æмæ йæ Фем-
бæлды Цатыры раз æрлæууын кæнæнт.
15Дунедарæджы раз адæмы хистæртæ сæ
къухтæ галы сæрыл æрæвæрæнт, стæй йæ
аргæвдæнт. 16Алчер галы туг Фембæлды Ца-
тырмæ бахæссæд 17æмæ дзы йе ’нгуылдзæй
авд хатты бапырх кæнæд мидæмбæрзæны
цур, Дунедарæджы раз. 18Фембæлды Цатыры
мидæг цы нывондхæссæн ис Дунедарæджы
раз, уымæн дзы йæ сыкъатæ сахорæд. Тугæй
ма цы баззайа, уый та Цатыры къæсæры раз,
иууылсудзинæгты нывондхæссæны рæбын
акалæд. 19Кусартæн йæ фиутæ фæхицæн
кæнæд æмæ сæ нывондхæссæныл басудзæд.
20Ацы галæн дæр, тæригъæды нывондæн цы
гал æрхæссынц, уымæн цы ’мбæлы, æппæт
уыдæттæ бакæнæд. Афтæмæй алчер сæх-
хæст кæндзæн тæригъæд ныббарыны æгъ-
дау, æмæ сын уæд уыдзæни барст. 21Галæн
йæ мард та рæсæнуатæй хъæуы рахæссын
æмæ басудзын, алчерæн йæхи тæригъæ-
ды тыххæй нывондæн цы галы æрхастæуа,
уымæн куыд æмбæлы, афтæ. Уый у адæмы
тæригъæды тыххæй хаст нывонд.

22Хицау тæригъæды куы бацæуа, Дуне-
дарæджы, йæ Хуыцауы, фæдзæхстытæй
искæцыйы сæрты æнæбары куы ахиза, цы
не ’мбæлы, ахæм исты куы сараза, куы фæа-
зымджын уа 23æмæ йæ азым куы сбæрæг уа,
уæд нывондæн æрбакæнæд æнæсахъат цæу.
24Йæ къух цæуы сæрыл æрæвæрæд æмæ йæ
стæй, Дунедарæджы раз иууылсудзинæгтæ
кæм фергæвдынц, уыцы ран аргæвдæд. Уый
у тæригъæды нывонд. 25Сауджын йе ’нгуыл-
дзыл тæригъæды нывонды тугæй сисæд
æмæ дзы иууылсудзинæгты нывондхæссæ-
ны сыкъатæ сахорæд. Иннæ туг иууылдæр
нывондхæссæны рæбын акалæд. 26Кусартæн
йæ нæрдтæ та нывондхæссæныл басудзæд,
фидыды нывонды нæрдтæ куыд басудзынц,
афтæ. Уыйадыл сауджын тæригъæд ныб-
барыны æгъдау сæххæст кæндзæн, æмæ
хицауæн йæ тæригъæд барст æрцæудзæн.

27Адæмæй исчи тæригъæды куы бацæуа,
Дунедарæджы фæдзæхстытæй искæцыйы
сæрты æнæбары куы ахиза, цы не ’мбæлы,
ахæм исты куы ракæна, куы фæазымджын
уа 28æмæ йæ азым куы сбæрæг уа, уæд йæ
тæригъæды тыххæй нывондæн æрбакæнæд
æнæсахъат сæгъ. 29Тæригъæды нывонды
сæрыл йæ къух æрæвæрæд æмæ йæ стæй,
иууылсудзинæгтæ кæм фергæвдынц, уым
аргæвдæд. 30Сауджын нывонды тугæй йе
’нгуылдзыл сисæд æмæ дзы иууылсудзинæг-
ты нывондхæссæны сыкъатæ сахорæд, иннæ

туг иууылдæр нывондхæссæны рæбын ака-
лæд. 31Уый фæстæ сауджын кусарты нæрдтæ
фæхицæн кæнæд, фидыды нывондæн куыд
бакæнынц, афтæ, æмæ сæ нывондхæссæныл
басудзæд — Дунедарæгæн æхцон хæрздæ-
фæн. Афтæмæй сауджын сæххæст кæндзæн
тæригъæд ныббарыны æгъдау, æмæ уыцы
адæймагæн йæ тæригъæд барст æрцæудзæн.
32Уыцы адæймаг йæ тæригъæды тыххæй
фыс куы хæсса нывондæн, уæд æрбакæ-
нæд æнæсахъат фыс. 33Йæ къух тæригъæды
нывонды сæрыл æрæвæрæд æмæ йæ стæй,
иууылсудзинæгтæ кæм фергæвдынц, уым
аргæвдæд. 34Сауджын нывонды тугæй йе
’нгуылдзыл сисæд æмæ дзы иууылсудзи-
нæгты нывондхæссæны сыкъатæ сахорæд,
иннæ туг иууылдæр нывондхæссæны рæбын
акалæд. 35Уый фæстæ сауджын нывондæн йæ
нæрдтæ иууылдæр рахицæн кæнæд, фидыды
нывондæн куыд бакæнынц, афтæ æмæ сæ
нывондхæссæныл басудзæд Дунедарæджы
номыл. Афтæмæй сауджын сæххæст кæн-
дзæн тæригъæд ныббарыны æгъдау, æмæ
уæд уыцы адæймагæн йæ тæригъæд барст
æрцæудзæн.

**5** Адæймагæн йæ разы исты хабар æрцыди,
йæхи цæстæй цыдæр федта æмæ бæлвырд
исты зоны, фæлæ йæхи ныхъхъус кодта,
æвдисæн нæ ныллæууыд æмæ уымæй тæ-
ригъæды бацыди, зæгъæ, уæд йæ азымы
тыххæй хъуамæ дзуапп ратта.
2Нæ йæ бафиппайдта, афтæмæй, æнæсыгъ-
дæг цы у, ахæмæй истæмæ февнæлдта, чъизи
сырд, фос кæнæ хилæгойы мардыл андзæ-
выд — фæчъизи æмæ фæазымджын уыдзæн.
3Исчи адæймаджы чъизитæй истæмæ (цы-
фæнды дæр уæд) æнæрхъуыдыйæ февнæлдта
æмæ йæ раздæр нæ бафиппайдта, фæлæ йæ
уый фæстæ бамбæрста — азымджын уыдзæн.
4Хорз æви æвзæр хъуыддаджы тыххæй
уа, исчи æнæрхъуыдыйæ ард куы бахæра,
адæм æнæрхъуыдыйæ ард куыд бахæрынц,
афтæ æмæ фыццаг, цы бакодта, уый куы не
’мбара, фæлæ йæм фæстæдæр куы бахъара —
азымджын уыдзæн.
5Ацы хъуыддæгтæй искæцыйы тыххæй чи
фæазымджын уа, уый-иу йæ тæригъæдыл
басæттæд. 6Йæ азымы тыххæй Дунедарæгæн
тæригъæды нывондæн æрбакæнæд фыс кæ-
нæ сæгъ. Сауджын сæххæст кæндзæн тæри-
гъæд ныббарыны æгъдау æмæ йæ ссыгъдæг
кæндзæн йæ тæригъæдæй.
7Кæд йæ къух нæ амона нывондæн фыс
æрхæссын, уæд та йæ тæригъæды тыххæй
Дунедарæгæн æрбахæссæд дыууæ æхсинæ-
джы кæнæ дыууæ бæдул бæлоны, сæ иу —
тæригъæды нывондæн, иннæ та — иууылсу-
дзинаг нывондæн. 8Сауджынмæ сæ раттæд,
æмæ-иу уый раздæр тæригъæды нывонд
æрхæссæд. Сауджын маргъæн йæ къубал
фездухæд, фæлæ йын йæ сæр ма фæхицæн
кæнæд. 9Йæ тугæй йын нывондхæссæны
фарс бапырх кæнæд, цы ма дзы баззайа, уый
та нывондхæссæны рæбынмæ ралæдарæд.
Уый у тæригъæды нывонд. 10Дыккаг маргъы
та сауджын, куыд æмбæлы, афтæ иууыл-
судзинаг нывондæн æрхæссæд. Афтæмæй
сауджын сæххæст кæндзæн тæригъæд ныб-
барыны æгъдау, æмæ уыцы адæймагæн йæ
тæригъæд барст æрцæудзæн.
11Кæд йæ къух нæ амона дыууæ æхсинæ-
джы кæнæ дыууæ бæдул бæлоны нывондæн
æрхæссын, уæд тæригъæд сыгъдæггæнæн
нывондæн æрбахæссæд хуын — мæнæуы
ссад, ефæйы дæсæймаг хай. Æрмæст ыл
уæлейæ оливæйы сой ма æркæнæд æмæ йыл
буд ма сæвæрæд, уымæн æмæ уый тæригъæ-
ды нывонд у. 12Æрбахæссæд æй сауджынмæ,
æмæ дзы уый армыдзаг сисæд, нывондхæс-
сæныл æй басудзæд Дунедарæджы номыл,
хуын иууылдæр Дунедарæджы кæй у, уый
нысанæн. Уый у тæригъæды нывонд.
13Афтæ сауджын сæххæст кæндзæн тæ-
ригъæд ныббарыны æгъдау, æмæ уыцы
адæймагæн йæ тæригъæд барст æрцæудзæн.
Хуынæй ма цы баззайа, уый та, хойраджы
хуынæй цы баззайы, уыйау сауджыны хай у».
14Дунедарæг Моисейæн загъта: 15«Исчи
æнæбары, Дунедарæгæн кæй снывонд чын-
дæуыд, уыдонæй истæй ныхмæ тæригъæды
куы бацæуа, уæд йæ азымы тыххæй Дуне-
дарæгæн æрбакæнæд æнæсахъат фыр æмæ
йæ æрхæссæд фиддоны нывондæн. Аргъгонд
ын хъуамæ æрцæуа кувæндоны æвзист ше-
келтæй. 16Уаз цы у, уымæ фæныхилгæйæ, цы
зиан æрхаста, уымæн йæ аргъ сауджынæн
бафидæд, ноджы ма йæм йæ аргъы фæн-
дзæм хай бафтауæд, афтæмæй. Сауджын
фыс фиддоны нывондæн æрхæсдзæн æмæ
афтæмæй сæххæст кæндзæн тæригъæд ныб-
барыны æгъдау, æмæ уыцы адæймагæн йæ
тæригъæд барст æрцæудзæн.
17Исчи тæригъæды куы бацæуа, Дунеда-
рæджы фæдзæхстытæй искæцыйы сæрты
æнæбары куы ахиза, цы не ’мбæлы, ахæм
исты куы ракæна, уæд уыдзæн азымджын.
18Æрбакæнæд æнæсахъат фыр æмæ йын йæ
аргъ сауджынæн бафидæд — фиддоны ны-
вондæн. Сауджын уыцы адæймаджы тыххæй

сæххæст кæндзæн тæригъæд ныббарыны
æгъдау, æмæ, æнæрхъуыдыйæ цы сарæзта,
уый йын уыдзæни барст. 19Уый у фиддоны
ныవонд, адæймаг Дунедарæджы раз кæй
фæазымджын ис, уый тыххæй».

6 Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Дунеда-
рæджы раз, исты фыдракæнд саразгæйæ,
тæригъæды чи бацæуа: йæ бæрны йын кæй
бакодтой кæнæ йæм бавæрынмæ кæй радтой,
науæд давгæ кæй акодта, ахæм истæмæй,
нæ федтон, зæгъгæ, чи ныллæууа; искæ-
мæй исты чи байса, 3искæй сæфт дзаума
чи ссара æмæ йыл чи нæ басæтта — адæм
тæригъæды цæй тыххæй бацæуынц, уыцы
хъуыддæгтæй исты чи сараза æмæ ма ноджы,
нæ уыдтæн, зæгъгæ, мæнг сомы чи ракæна, —
4уыцы адæймаг, тæригъæды кæй бацыд
æмæ азымджын кæй сси, уымæ гæсгæ уал
раздæр фæстæмæ раттæд, цы адавта кæнæ
цы байста, бавæрынмæ цы райста кæнæ цы
сæфт дзаума ссардта, уый, 5— мæнг сомы
цæйдæриддæр тыххæй ракодта, уыдон иу-
уылдæр. Фиддоны ныvонд æрхæссыны бон
фæстæмæ алцыдæр хицауæн раттæд æмæ
ма сæм сæ аргъы фæндзæм хай бафтауæд.
6Йæ азымы тыххæй сауджынмæ æрбакæнæд
æнæсахъат фыс — Дунедарæгæн фиддоны
нывондæн; аргъонд ын хъуамæ æрцæуа ку-
вæндоны æвзист шекелтæй. 7Сауджын Дуне-
дарæджы раз сæххæст кæндзæн тæригъæд
ныббарыны æгъдау, æмæ, цæмæйдæриддæр
фæазымджын ис, уыдон ын уыдзысты барст».
8Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста, цæ-
мæй Аарон æмæ йæ фырттæн зæгъа: 9«Мæнæ
иууылсудзинаг нывонд хæссыны æгъдау:
иууылсудзинаг нывонд-иу æхсæв-бонмæ баз-
зайæд нывондхæссæныл, кæм æй басыгътой,
уым. Нывондхæссæнyл иудадзыг судзæд арт.
10Райсомæй сауджын йæ уæлæ скæнæд гæн
хъуымацæй дарæс — пæлæз æмæ мидæггаг
хæлаф. Нывондхæссæнæй, судзгæ-судзын
иууылсудзинаг нывонды сой кæдæм фæтагъ-
ди, уыцы фæнык сисæд æмæ йæ нывондхæс-
сæны цур æркалæд. 11Уый фæстæ йæ дарæс
раивæд æмæ фæнык рæсæнуатæй сыгъдæг
ранмæ ахæссæд. 12Нывондхæссæны арт хъу-
амæ æдзухдæр судзгæ кæна, макуы ахуысса.
Сауджын-иу ыл æрвылрайсом суг бафтауæд,
равæрæд-иу иууылсудзинаг нывонды уæнгтæ
æмæ-иу уыдонимæ фидыды нывæндтæн дæр
сæ нæрдтæ басудзæд. 13Нывондхæссæны арт
æдзухдæр судзæд, макуы ахуыссæд.
14Мæнæ хойраджы хуынтæ хæссыны
æгъдау: Аароны фырттæ-иу сæ хъуамæ
æрбахæссой Дунедарæджы размæ, нывонд-
хæссæны цурмæ. 15Сауджын-иу хойраджы
хуыны сойамæст мæнæуы ссадæй йæ армы-
дзаг сисæд, стæй, йæ сæрыл цы буд æвæрд ис,
уый иууылдæр, æмæ сæ нывондхæссæныл
басудзæд — Дунедарæгæн æхцон хæрздæ-
фæн, хуын иууылдæр Дунедарæджы кæй у,
уый нысанæн. 16Хуынæй ма цы ссад баззайа,
уый та бахæрæнт Аарон æмæ йæ фырттæ.
Хæрын æй æмбæлы донгонд дзулты хуызы,
уаз бынаты — Фембæлды Цатыры кæрты.
17Æнхъизæн кæнæн ыл нæй. Уый сын Æз хай
кæнын Мæ номыл хаст нывæндтæй. Хойра-
джы хуын дæр тæригъæды æмæ фиддоны
нывæндтау иууылсыгъдæг у. 18Аароны бай-
зæддæгтæй алы нæлгоймагæн дæр уыцы
хайæ хæрын æмбæлы. Уый уын уыдзæни
мыггагмæйы хай Дунедарæджы номыл хаст
хуынтæй, фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Цыдæ-
риддæр сыл бандзæва, уый суыдзæни уаз».
19Дунедарæг Моисейæн загъта: 20«Мæнæ,
Аарон æмæ йæ фырттæн сæ байсæрдыны
бонæй фæстæмæ Дунедарæгæн æрвылбон
цы хуын хæссын æмбæлы, уый: æвзаргæ
мæнæуы ссад — ефæйы дæсæймаг хай, йæ
иу æмбис — райсомæй, иннæ та — изæрæй.
21Уыцы ссадæй, оливæйы соимæ хæрзыз-
мæст куыд уа, афтæмæй алгъацы лауаситæ
афыцæнт, асæстытæ сæ кæнæнт æмæ сæ
басудзæнт — Дунедарæгæн æхцон хæрз-
дæфæн. 22Аароны байзæддæгтæй, Аароны
бынатмæ кæй байсæрдой, уыцы сауджынтæй
алчидæр афтæ кæнæд. Уый у мыггагæмæйы
уагæвæрд — хойраг хъуамæ иууылдæр сыгъд
æрцæуа Дунедарæджы номыл. 23Сауджын цы
хойраджы хуын æрбахæссы, уый иууылдæр
басудзын хъæуы, хæрын дзы не ’мбæлы».
24Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста, цæ-
мæй Аарон æмæ йæ фырттæн зæгъа: 25«Мæ-
нæ тæригъæды нывонд хæссыны æгъдау:
тæригъæды нывонд аргæвдын хъæуы Ду-
недарæджы раз, иууылсудзинæгтæ кæм
фергæвдынц, уым. Ацы нывонд у иууыл-
сыгъдæг. 26Тæригъæды нывонд чи æрхаста,
уыцы сауджын дзы хъуамæ бахæра, хæрын
та дзы хъæуы уаз бынаты — Фембæлды Ца-
тыры кæрты. 27Нывондаджы фыдыл цыдæ-
риддæр андзæва, уый суыдзæни уаз, йæ
тугæй дарæсыл куы бакæла, уæд æй ныхсын
хъæудзæни уаз бынаты. 28Дзидза цы дурын
мигæнæны сфыца, уый хъæудзæн асæттын.
Кæд æрхуы мигæнæны сфыца, уæд та йæ
хъæудзæн ныххафын æмæ донæй ныхсын.
29Уыцы дзидза сауджынты мыггаджы нæл-
гоймæгтæй алкæмæн дæр хæрын æмбæлы.

Уый у ииуулсыгъдæг нывонд. 30Фæлæ тæ-
ригъæды нывонды фыд, йæ туг Фембæлды
Цатырмæ кæмæн æрбахæссынц — тæри-
гъæдтæ ныббарыны æгъдау Уаз Цæрæны
сæххæст кæнынæн, — уый та хæрæн нæй,
басудзын æй хъæуы.

**7** Мæнæ, иууылуаз чи у, уыцы фиддоны
нывонд хæссыны æгъдау.

2Фиддоны нывонд дæр æргæвдын хъæуы,
иууылсудзинаджы кæм фергæвдынц, уым.
Йæ тугæй йын нывондхæссæн алырдыгæй
бапырх кæнын хъæуы. 3Нывондæн йæ нæрд-
тæ иууылдæр æрбахæссын хъæуы: дымæг,
хуылфыдзаумæтты фиу, 4уыргтæ æд фиу,
æгъдты фиу æмæ игæры æфтуанхай. 5Сау-
джын сæ нывондхæссæныл басудзæд Дуне-
дарæгæн арты нывондæн. Уый у фиддоны
нывонд. 6Йæ дзидза йын хæрын æмбæлы
сауджынты мыггаджы нæлгоймæгтæй ал-
кæмæн дæр, фæлæ æрмæстдæр уаз бынаты:
уый у иууылуаз.

7Фиддоны нывондæн дæр ис тæригъæды
нывонды фæтк: фиддоны нывонд у, тæри-
гъæд ныббарыны æгъдау чи сæххæст кодта,
уыцы сауджыны хай. 8Сауджын искæй тых-
хæй иууылсудзинаг нывонд куы æрхæсса,
уæд нывондæн йæ царм дæр у сауджыны хай.
9Хойраджы хуынтæй алкæцыдæр — пецы
фых æрцæуа, къуырф тебæйы æви алгъацы, —
нывонд æрхæссыны фæтк чи сæххæст кодта,
уыцы сауджыны хай у. 10Алы хойраджы хуын
дæр — сойамæст уа æви хус — Аароны æп-
пæт байзæддæгтæм хауы. Хъуамæ сæм дзы
æрхауа æмхуызон хæйттæ.

11Мæнæ Дунедарæгæн фидыды нывонд
хæссыны æгъдау. 12Йæ нывонд бузныджы
фæдыл кæмæн уа, уый ма йын йемæ æр-
бахæссæд донгонд тæнджытæ — сойамæст
мæнæуы ссадæй конд, стæй оливæйы сойæ
сæрст донгонд лауаситæ æмæ сойамæст мæ-
нæуы ссадæй конд тæнджытæ. 13Фидыды
нывондимæ æрбахæссæд æнхъызт хыссæ-
йæ конд тæнджытæ дæр. 14Кæрдзынтæн сæ
алы хуызæй дæр фæйнæ иуы Дунедарæгæн
рахицæн кæнæд: фидыды нывонды туг цы
сауджын бапырх кæны, уый хай сты уыдон.
15Бузныджы охыл цы фидыды нывонд æр-
хæссой, уымæн йæ дзидза бахæрын хъæуы
нывонд æрхæссыны бон, райсоммæ уадзын
дзы не ’мбæлы.

16Сомыйы фæдыл кæнæ бархийæ цы
нывонд æрхæссой, уымæн та йæ дзидза
бахæрын хъæуы йе ’рхæссыны бон, цы ма
дзы баззайа, уый та — дыккаг бон. 17Фæлæ
нывонды дзидзайæ æртыккаг бонмæ цы баз-
зайа, уый хъæуы басудзын. 18Æртыккаг бон
ма фидыды нывондæй чи бахæра, уымæн
йæ нывонд Хуыцауæн æхцон нæ уыдзæн,
нæ йын æй айсдзæн. Уыцы дзидза æлгъаг у,
æмæ дзы чи бахæра, уый йæ тæригъæдæн
дзуапп ратдзæн.

19Дзидза исты æнæсыгъдæгыл куы андзæ-
ва, уæд æй хæрæн нæй, арты сыгъд æрцæуæд.
Сыгъдæг дзидзайæ та, сыгъдæг чи уа, уыдо-
нæй алкæмæн дæр хæрыны бар ис. 20Фæлæ
исчи фечъизи ис, афтæмæй Дунедарæгæн
хаст фидыды нывондæй бахордта, зæгъæ, —
адæмы ’хсæнæй фæхъæуæдзæн. 21Исчи исты
æнæсыгъдæгыл куы бандзæва — адæйма-
джы кæнæ фосы чъизитыл, йе та исты æлгъаг
фæлдисондыл, æмæ афтæмæй Дунедарæгæн
хаст фидыды нывондæй куы бахæра, уæд
уый дæр йæ адæмæй фæхъæудзæн».

22Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста, цæ-
мæй израилæгтæн зæгъа: 23«Мадæр стуры
фиу хæрут, мадæр — фыстæ æмæ сæгъты фиу.
24Хæдмæл фосы нæрдтæй, стæй, сырдтæ кæй
ныттоной, уыцы фосæн сæ нæрдтæй пайда-
гæнæн ис, фæлæ дзы хæрæн нæй. 25Дунеда-
рæгæн арты нывондæн кæй хастæуа, уыцы
фосы фиуæй чидæриддæр бахæра, уый йæ
адæмæй фæхъæуæдзæн.

26Кæмдæриддæр цæрат, уым тугæй ма
фæхъæстæ ут: нæдæр мæргъты тугæй, нæ-
дæр фосы тугæй. 27Тугæй чидæриддæр фæ-
хъæстæ уа, уый йæ адæмæй фæхъæудзæн».

28Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста, цæ-
мæй израилæгтæн зæгъа: 29«Дунедарæгæн
фидыды нывонд чи хæсса, уый дзы хъуамæ
Дунедарæгæн хай скæна. 30Дунедарæгæн
хъуамæ арты нывонд æрхæсса йæхи къухæй:
кусарты фиу æмæ кæразимаг æрбахæссæд
æмæ Дунедарæджы раз кæразимаг хæрдмæ
сисæд. 31Сауджын нывондхæссæныл фиу
басудзæд, кæразимаг та у Аарон æмæ йæ
байзæддæгты хай. 32Уæ фидыды нывæнд-
тæй-иу сауджынæн рахицæн кæнут рахиз
сгуы дæр. 33Аароны байзæддæгтæй фидыды
нывонды туг æмæ фиу нывондхæссæныл чи
æвæра, уый хай у уыцы сгуы. 34Уымæн æмæ
Æз израилæгтæн сæ фидыды нывæндтæй
райстон, хæрдмæ кæй систæуы, уыцы кæ-
разимаг, стæй рахиз сгуы æмæ сæ дæттын
сауджын Аарон æмæ йæ байзæддæгтæн.
Уый сын у мыггагмæйы хай израилæгтæй».

35Ахæм у Аарон æмæ йæ байзæддæгты
хай Дунедарæджы номыл хаст нывæнд-
тæй, Дунедарæджы сауджынтæ куы сис-
ты, уæдæй фæстæмæ. 36Дунедарæг сæ куы

байсæрста, уыцы бон израилæгтæн бафæ-
дзæхста, цæмæй сын уыцы хай дæттой.
Уый сын уыдзæни мыггагмæйы уагæвæрд,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
37Адон сты иуулсудзинаг нывæндтæ,
хойраджы хуынтæ, тæригъæды нывæндтæ,
фиддоны нывæндтæ, сауджын суæвыны ны-
вæндтæ æмæ фидыды нывæндтæ хæссыны
æгъдæуттæ. 38Дунедарæг сæ Моисейæн радта
æдзæрæг быдыры, Синайы хохыл, Израилы
адæмæн Дунедарæгæн нывæндтæ хæссын
куы бафæдзæхста, уæд.

**8** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Фæдзур
Аарон æмæ йæ фырттæм, райс дарæстæ,
сæрдæн сой, тæригъæды нывондæн – гал,
стæй дыууæ фыры æмæ донгонд дзулты
чыргъæд. 3Фембæлды Цатыры къæсæрмæ
æппæт адæмы æрæмбырд кæн».
4Моисей, Дунедарæг ын куыд бафæдзæхс-
та, афтæ бакодта, æмæ Израилы адæм Фем-
бæлды Цатыры къæсæры раз æрæмбырд сты.
5Моисей сын загъта: «Дунедарæг мын ба-
фæдзæхста мæнæ афтæ бакæнын». 6Моисей
Аароны æмæ йæ фыртты размæ ракодта æмæ
сæ доны цынадта. 7Аароныл скодта хæдон
æмæ йын æй ронæй æрбабаста. Уый фæстæ
йыл скодта пæлæз, уый æдде та – раздарæн,
астæубосæй йæ æрбалвæста. 8Ноджы ма йыл
бакодта риуылдарæн, уый уæлæ – урим
æмæ туммим. 9Йæ сæрыл ын æркодта са-
рыхъ æмæ йыл разæй сæвæрдта сыгъзæрин
цъарæг – уаз кады худ, Дунедарæг ын куыд
бафæдзæхста, афтæ.
10Моисей райста сæрдæн сой æмæ дзы
байсæрста цатыр, стæй, цыдæриддæр дзы
уыдис, уыдон. Афтæмæй сæ срухс скодта.
11Уый фæстæ сойæ нывондхæссæн авд хатты
бапырх кодта, байсæрста йæ йе 'ппæт дзау-
маимæ, хихсæн аг йæ суанцъыимæ, цæмæй
сæ срухс кæна. 12Аароны сæрыл сой æруагъта
æмæ йæ байсæрста – Дунедарæджы раз æй
ссыгъдæг кодта.
13Уый фæстæ Аарон æмæ йæ фыртты раз-
мæ ракодта, хæдæттæ сыл скодта, рæттæ
сыл æрбабаста æмæ сыл æркодта сарыхътæ,
Дунедарæг ын куыд бафæдзæхста, афтæ.
14Моисей тæригъæды нывондæн æрба-
кодта гал. Аарон æмæ йæ фырттæ сæ къух-
тæ галы сæрыл æрæвæрдтой. 15Моисей йæ
аргæвста, йæ тугæй йын йе 'нгуылдзыл
систа æмæ дзы нывондхæссæны сыкъатæ
сахуырста, цæмæй нывондхæссæн срухс
кæна. Иннæ туг иуулдæр нывондхæссæ-
ны рæбын акалдта. Афтæмæй, тæригъæдтæ
ныббарыны æгъдау сæххæст кæнгæйæ, ны-
вондхæссæн ссыгъдæг кодта. 16Уый фæстæ
Моисей хуылфыдзаумæтты фиу иууылдæр,
стæй игæры æфтуанхай æмæ уыргтæ æд фиу
нывондхæссæныл басыгъта. 17Галæй ма цы
баззади, уыдон та – цармæй, фыдæй, хуыл-
фыдзаумайæ – рæсæнуаты æдде басыгъта,
Дунедарæг ын куыд бафæдзæхста, афтæ.
18Моисей иуулсудзинаг нывондæн æрба-
кодта фыр, æмæ йын Аарон æмæ йæ фырттæ
сæ къухтæ йæ сæрыл æрæвæрдтой. 19Моисей
йæ аргæвста æмæ йын йæ туг нывондхæс-
сæныл алырдыгæй бапырх кодта. 20Кусарт
суæнгтæ кодта æмæ йын йæ уæнгтæ сæр æмæ
фиуимæ басыгъта. 21Уый фæстæ йын Мои-
сей йæ хуылфыдзаумæттæ æмæ йæ къæхтæ
доны ныхсадта æмæ уыдон дæр нывондхæс-
сæныл басыгъта. Уый уыди иуулсудзинаг
нывонд, Дунедарæгæн æхцон хæрздæфæн,
арты нывонд, Дунедарæг Моисейæн куыд
бафæдзæхста, афтæ.
22Сауджын суæвыны нывондæн Моисей
æрбакодта æндæр фыр, æмæ йын Аарон æмæ
йæ фырттæ сæ къухтæ йæ сæрыл æрæвæрд-
той. 23Моисей йæ аргæвста, йæ тугæй йын
райста æмæ дзы Ааронæн йæ рахиз хъусы
кæрон, йæ рахиз къухы хистæр æнгуылдз
æмæ йæ рахиз къахы хистæр æнгуылдз аца-
хуырста. 24Уый фæстæ æрбахуыдта Аароны
фыртты æмæ уыдонæн дæр сæ рахиз хъус-
ты кæрæттæ, сæ рахиз къухты хистæр æн-
гуылдзтæ æмæ сæ рахиз къæхты хистæр æн-
гуылдзтæ ацахуырста, стæй нывондхæссæн
алырдыгæй тугæй бапырх кодта. 25Моисей
райста кусартæн йæ дымæг, хуылфыдзау-
мæтты фиу иууылдæр, игæры æфтуанхай,
уыргтæ æд фиу æмæ рахиз сгуы. 26Дуне-
дарæджы раз цы донгонд дзулты чыргъæд
уыди, уымæй иу донгонд дзул, иу сойыфых
æмæ иу лауаси райста, фиутæ æмæ рахиз
сгуыйы сæрыл сæ сæвæрдта. 27Иууылдæр
сæ Аарон æмæ йæ фырттæм радта æмæ сын
сæ Дунедарæджы раз хæрдмæ сисын кодта.
28Уый фæстæ сæ райста æмæ сæ иуулсудзи-
нагимæ нывондхæссæныл басыгъта. Уый у
сауджын суæвыны нывонд, æхцон хæрздæф,
арты нывонд Дунедарæгæн.
29Моисей райста фыры кæразимаг æмæ
йæ Дунедарæджы раз хæрдмæ систа. Уый
уыди Моисейы хай, сауджынлæггадæн æй
снывонд кæнынæн цы нывонд æрхастæуыди,
уымæй, Дунедарæг ын куыд бафæдзæхста,
афтæ. 30Уый фæстæ Моисей райста сæрдæн
сой. Нывондхæссæныл цы туг уыди, уымæй
систа æмæ дзы бапырх кодта Аароныл, стæй

йæ дарæсыл, Ааролы фырттыл æмæ сæ дарæ-
сыл. Афтæмæй уазлæггадæн снывонд кодта
Аароны, срухс ын кодта йæ дарæс, стæй йæ
фыртты æмæ уыдоны дарæс дæр.
31Моисей Аарон æмæ йæ фырттæн загъта:
«Фембæлды Цатыры къæсæры раз дзидза
сфыцут æмæ дзы уым, сауджын суæвыны
нывонды хуынæй чыргъæды цы дзул ис,
уыимæ бахæрут, куыд уын бафæдзæхстон,
афтæ. Аарон æмæ йæ фырттæ сæ бахæрæнт.
32Дзидза æмæ дзулæй цы баззайа, уый-иу
арты басудзут. 33Авд боны дæргъы Фем-
бæлды Цатыры къæсæрæй иуварс ма ацæут,
цалынмæ сауджынлæггадæн уæ снывонд
кæныны бонтæ нæ сæххæст уой, уæдмæ,
уымæн æмæ уыцы æгъдау хъуамæ ахæсса
авд боны. 34Абон цы сарæзтæуыд, уый уыди
Дунедарæджы фæдзæхст, цæмæй уæ тæриг-
ъæдтæ барст æрцæуой. 35Авд боны дæргъы
æхсæвæй-бонæй Фембæлды Цатыры къæсæ-
ры раз лæуут æмæ уын Дунедарæг уæ бæр-
ны цы бакодта, уый æххæст кæнут, науæд
амæлдзыстут. Афтæ мын бафæдзæхстæуыд».
36Аарон æмæ йæ фырттæ сæххæст кодтой,
Дунедарæг сын Моисейы уылты цыдæрид-
дæр бафæдзæхста, уыдæттæ.

**9** Æстæм бон Моисей басидт Аарон æмæ
йæ фырттæм, стæй Израилы хистæртæм.
2Ааронæн загъта: «Дунедарæджы размæ
тæригъæды нывондæн æрбакæн род, иу-
уылсудзинагæн та — фыр. Сæ дыууæ дæр
хъуамæ уой æнæсахъат. Дунедарæджы раз сæ
æрлæууын кæн. 3Израилæгтæн бафæдзæхс,
цæмæй тæригъæды нывондæн æрбакæной
цæу, иууылсудзинагæн та — афæдздзыд уæ-
ныг æмæ фыргуист, сæ дыууæ дæр хъуамæ
уой æнæсахъат. 4Фидыды нывондæн та гал
æмæ фыр æрбакæнæнт, цæмæй сæ Дунеда-
рæджы раз нывондæн æрхæссой. Нодҗы ма
æрбахæссæнт сойамæст хойраджы хуын.
Дунедарæг уæм раргом уыдзæн абон».
5Израилæгтæ, Моисей сын цы бафæдзæхс-
та, уыдæттæ Фембæлды Цатыры цурмæ
сæмбæлын кодтой. Адæм се ’ппæт дæр æр-
бацыдысты æмæ Дунедарæджы раз æрлæу-
уыдысты. 6Моисей загъта: «Мæнæ уын цы
бафæдзæхста Дунедарæг, цæмæй уæм Йæ
кад раргом уа, уый тыххæй». 7Ааронæн та
Моисей загъта: «Нывондхæссæны размæ
бацу æмæ дæхи тыххæй тæригъæды ны-
вонд æмæ иууылсудзинаг нывонд æрхæсс,
цæмæй барст æрцæуой дæхи тæригъæдтæ
æмæ адæмы тæригъæдтæ. Адæмы номæй
æрбахæсс хуын, цæмæй сæххæст кæнай
адæмы тæригъæдтæ ныббарыны æгъдау,
Дунедарæг куыд бафæдзæхста, афтæ».
8Аарон нывондхæссæнмæ бацыд æмæ йæ-
хи тыххæй тæригъæды нывондæн аргæвста
уæныг. 9Йæ фырттæ йæм нывонды туг ба-
лæвæрдтой. Уый дзы йе ’нгуылдз стылдта
æмæ нывондхæссæны сыкъатæ сахуырста.
Тугæй ма цы баззад, уый та нывондхæссæны
рæбын акалдта. 10Тæригъæды нывонды фиу,
йæ уыргтæ æмæ игæры æфтуанхай нывонд-
хæссæныл басыгъта, Дунедарæг Моисейæн
куыд бафæдзæхста, афтæ. 11Йæ фыд æмæ
йæ царм та йын рæсæнуаты æдде басыгъта.
12Аарон аргæвста иууылсудзинаг нывонд.
Йæ фырттæ йæм балæвæрдтой нывонды
туг, æмæ дзы уый нывондхæссæн алыр-
дыгæй бапырх кодта. 13Иууылсудзинаджы
уæнгтæ æмæ сæр æм балæвæрдтой, æмæ сæ
нывондхæссæныл басыгъта. 14Аарон хуыл-
фыдзаумæттæ æмæ къæхтæ ныхсадта æмæ
сæ иууылсудзинагимæ нывондхæссæныл
басыгъта.
15Уый фæстæ Аарон æрхаста нывæндтæ
адæмы тыххæй. Адæмы тæригъæдтæ ныб-
барыны тыххæй аргæвста цæу æмæ йæ тæ-
ригъæды нывондæн æрхаста, уымæй размæ
куыд бакодта, афтæ. 16Уый фæстæ уагæвæрд-
мæ гæсгæ æрхаста иууылсудзинаг нывонд.
17Нодҗы ма æрбахаста хойраджы хуын. Йæ
армы дзы систа æмæ ма, сæумæрайсомы иу-
уылсудзинагæй уæлдай, нывондхæссæныл
уый дæр басыгъта.
18Уый фæстæ Аарон адæмы номæй фидыды
нывондæн аргæвста гал æмæ фыр. Йæ фырт-
тæ йæм кусæртты туг балæвæрдтой, æмæ
дзы уый нывондхæссæн алырдыгæй бапырх
кодта. 19Дымæг, хуылфыдзаумæтты фиу,
стæй уыргты фиу æмæ игæрты æфтуанхæйт-
тæ 20кæразимæгтыл сæвæрдта æмæ фиутæ
нывондхæссæныл басыгъта, 21кæразимæгтæ
æмæ рахиз сгуы та хæрдмæ систа Дунедарæ-
джы раз, Моисей куыд бафæдзæхста, афтæ.
22Аарон нывæндтæ куы æрхаста — тæри-
гъæды нывонд, иууылсудзинаг æмæ фиды-
ды нывонд — уæд йæ къухтæ хæрдмæ систа
æмæ адæмæн арфæ ракодта. Уый фæстæ
дæлæмæ æрцыди. 23Моисей æмæ Аарон ба-
цыдысты Фембæлды Цатырмæ. Фæстæмæ
куы рацыдысты, уæд адæмæн арфæ ракод-
той, æмæ æппæт адæммæ Дунедарæджы
кад раргом ис. 24Дунедарæджы цурæй арт
рацыди æмæ басыгъта, нывондхæссæныл цы
иууылсудзинæгтæ æмæ фиутæ уыди, уыдон.
Уый фенгæйæ, адæм се ’ппæт дæр цины хъæр
ныккодтой æмæ зæххыл ныддæлгом сты.

**10** Аароны фырттæ Надав æмæ Авигу сæ
будсудзæнтæ райстой, нывæрдтой дзы судз-
гæ æвзалытæ æмæ буд, æмæ Дунедарæджы
размæ нæфæтчиаг зынг бахастой, афтæмæй
сын уый ахæмæй ницы бафæдзæхста. 2Уæд
Дунедарæджы цурæй рацыди арт æмæ сæ
басыгъта — Дунедарæджы раз бабын сты
сæ дыууæ дæр. 3Моисей Ааронæн загъта:
«Гъе уымæн дзырдта Дунедарæг: „Мæ разы
чи лæууы, уыдоныл Æз равдисдзынæн, уаз
кæй дæн, уый, мæ кад æппæт адæмы раз
равдисдзынæн“». Аарон хъусæй лæууыд.
4Моисей фæдзырдта Ааронæ фыды ’фсы-
мæр Уззиелы фырттæм, Мишаел æмæ Елца-
фанмæ. Загъта сын: «Рацæут æмæ уæ хæстæ-
джыты мæрдтæ Уаз Цæрæнæй рæсæнуаты
æддемæ ахæссут». 5Уыдон сын сæ дарæстыл
ныххæцыдысты æмæ сæ рæсæнуатæй æд-
дæмæ рахастой, Моисей сын куыд бафæ-
дзæхста, афтæ.
6Моисей загъта Аарон æмæ йæ фырттæн,
Елеазар æмæ Итамарæн: «Уæ сæрыхъуынтæ
ма райхалут æмæ уæ дарæстæ фæйнæрдæм
ма арæдувут, цæмæй ма амæлат æмæ Дуне-
дарæг æппæт адæммæ дæр ма смæсты уа.
Фæлæ уе ’рвадæлтæ, æппæт Израил, кæуæнт,
Дунедарæг кæй басыгъта, уыдоныл. 7Сымах
та Фембæлды Цатыры къæсæрæй ма ахизут,
науæд амæлдзыстут, уымæн æмæ сæрст
æрцыдыстут, цæмæй суат Дунедарæджы
сауджынтæ». Æмæ бакодтой, Моисей куыд
загъта, афтæ.
8Дунедарæг Ааронæн бафæдзæхста:
9«Фембæлды Цатырмæ цæугæйæ, дæхæ-
дæг дæр æмæ дæ байзæддаг дæр сæн æмæ
карз нозт ма нуазут, науæд амæлдзыстут.
Уый уын уыдзæни мыггагмæйы уагæвæрд,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ. 10Кæрæдзийæ хи-
цæн кæнут уаз æмæ хуымæтæг, æнæсыгъдæг
æмæ сыгъдæг, 11æмæ израилæгтæн амонут,
Дунедарæг сын Моисейы уылты цы уагæ-
вæрдтæ радта, уыдон».
12Моисей загъта Аарон æмæ йæ фырт-
тæн, Елеазар æмæ Итамарæн: «Райсут, Ду-
недарæджы номыл хаст хуынтæй цы ссад
баззади, уый, скæнут дзы донгонд дзултæ
æмæ сæ нывондхæссæны цур бахæрут —
уыдон сты иууылсыгъдæг. 13Бахæрут сæ
уаз бынаты, уымæн æмæ Дунедарæджы
номыл хаст хуынтæй уыдон сты дæу æмæ
дæ фыртты хай. Афтæ мын бафæдзæхстæ-
уыд. 14Хæрдмæисгæ кæразимаг æмæ хуыны
сгуы та бахæрут сыгъдæг ран, дæхæдæг дæр,
стæй дæ фырттæ æмæ дæ чызджытæ дæр,
уымæн æмæ уыдон израилæгты фидыды
нывæндтæй дæу æмæ дæ байзæддæгты хай
сты. 15Нывæндты фиутимæ-иу лæварæн
æрбахæссæнт сгуы æмæ кæразимаг, цæмæй
сæ ды Дунедарæджы раз хæрдмæ сисай.
Уыдон дæуæн æмæ дæ байзæддæгтæн сты
мыггагмæйы хай, Дунедарæг куыд бафæ-
дзæхста, афтæ».
16Моисей бафарста, тæригъæды нывондæн
кæй æрхастой, уыцы цæу кæм ис, зæгъгæ,
æмæ базыдта, ныридæгæн сыгъд кæй æр-
цыди, уый. Моисей смæсты ис Елеазар æмæ
Итамармæ, Аароны фырттæй ма удæгасæй
чи баззади, уыдонмæ. Загъта сын: 17«Тæри-
гъæды нывонды фыд уаз бынаты цæуылнæ
бахордтат? Иууылсыгъдæг у уый, æмæ уын
лæвæрд æрцыд, цæмæй Дунедарæджы раз
адæмы тæригъæд ныббарыны æгъдау сæх-
хæст кæнат, æмæ сын афтæмæй сæ азым
сисат. 18Кæд ацы нывонды туг Уаз Цæрæн-
мæ нæ бахастат, уæд ын йæ дзидза хъуамæ
бахордтаиккат уаз бынаты, æз уын куыд
бафæдзæхстон, афтæ». 19Аарон Моисейæн
дзуапп радта: «Абон Дунедарæджы раз æр-
хастам тæригъæды нывонд æмæ иууылсу-
дзинаг нывонд, фæлæ ныл цы ’рцыди, уый
æрцыд. Æмæ ацы бон тæригъæды нывондæй
куы бахордтаин, уæд уый, ау, Дунедарæгмæ
хорз фæкастаид?» 20Моисей уыцы ныхæстæ
куы фехъуыста, уæд сразы ис.

**11** 1-2Дунедарæг Моисей æмæ Ааронæн
бафæдзæхста, цæмæй израилæгтæн загъой:
«Мæнæ, зæххон цæрæгойтæй уын хæрын
кæй фыд æмбæлы, уыдон: 3сæфтæгджын
цæрæгойтæй саджилсæфтæг æмæ сынæр-
цæгъдæг чи у, уыдоны фыд хæрут. 4Фæлæ
сынæр чи цæгъды кæнæ сæфтæг кæмæн ис,
уыцы цæрæгойтæй ма хæрут мæнæ ахæмты
фыд: теуайы фыд ма хæрут, уымæн æмæ,
кæд сынæр цæгъды, уæддæр сæфтæгджын
нæу, æнæсыгъдæг у сымахæн; 5ма хæрут
даманы фыд, уымæн æмæ, кæд сынæр цæгъ-
ды, уæддæр сæфтæгджын нæу, æнæсыгъ-
дæг у сымахæн; 6ма хæрут тæрхъусы фыд,
уымæн æмæ, кæд сынæр цæгъды, уæддæр
сæфтæгджын нæу, æнæсыгъдæг у сымахæн.
7Ма хæрут хуыйы фыд, уымæн æмæ, кæд
сæфтæгджынтæй у, стæй саджилсæфтæг,
уæддæр сынæр нæ цæгъды, æнæсыгъдæг
у сымахæн. 8Адонæн мадæр сæ фыд хæрут,
мадæр сын сæ мардыл æндзæвут; æнæсыгъ-
дæг сты сымахæн.
9Мæнæ уын, доны цæрæгойтæй хæрын
кæй фыд æмбæлы, уыдон. Ленкгæнæнтæ
æмæ хæрв кæуыл ис, уыцы доны цæрæгойты,

денджызтæ æмæ цæугæдæтты чи цæры, уы-
доны фыд хæрут. 10Ленкгæнæнтæ æмæ хæрв
кæуыл нæй, уыцы цæрæгойтæ та, стырæй,
чысылæй — денджызты æви цæугæдæтты
цæрой — æлгъаг сты сымахæн. 11Æлгъагыл
сæ нымайут, сæ фыд сын ма хæрут. Сæ мæрд-
тыл сын æлгъ кæнут. 12Доны цæрæгойтæй
ленкгæнæнтæ æмæ хæрв кæуыл нæй, уыдон
иууылдæр æлгъаг сты сымахæн.

13Мæргътæй та æлгъ кæнут мæнæ адоныл
(хæрæн сæ нæй, æлгъаг сты): цæргæс, сау-
боцъо цæргæс, сау гриф, 14цъиусур, уарийы
алы мыггаг, 15сынты алы мыггаг, 16страус,
уыг, кæсагдзау, хъæрццыгъайы алы мыггаг,
17сидахъхъ, дондзæргæс, стыр уыг, 18урссæр
уыг, цъиах, хæдмæлхор, 19къадз, кæсаглас,
дыгоппон, хæлынбыттыр.

20Базырджын уырынгонтæ æмæ цыппæр-
къахыгтæ се 'ппæт дæр æлгъаг сты сымахæн.
21Уыцы уырынгонтæй хæрут, сæ къæхтыл
зæххыл гæпп кæнынæн фæтасæнтæ кæмæн
ис, уыдоны фыд. 22Уæ бон хæрын у: мæты-
хы алы мыггаг, цыфæнды даргъсæрджын
мæтыхты, цъысцъысаджы алы мыггаг æмæ
цъырцъыраджы алы мыггаг. 23Алы æндæр
базырджын цыппæркъахыг уырынгон та
æлгъаг у сымахæн.

24Мæнæ, адæймаг кæмæй фæчъизи вæй-
йы, уыцы цæрæгойтæ. Сæ мардыл сын чи-
дæриддæр бандзæва, уый изæрмæ æнæ-
сыгъдæг уыдзæн. 25Ахæм цæрæгойы мард
чидæриддæр йæ къухмæ сиса, уый-иу йæ
дарæс ныхсæд, йæхæдæг та изæрмæ æнæ-
сыгъдæг уыдзæн. 26Сæфтæгджын цæрæгой-
тæй саджилсæфтæг чи нæу кæнæ сынæр чи
нæ цæгъды, уыдон иууылдæр æнæсыгъдæг
сты сымахæн. Сæ мардыл сын чидæриддæр
бандзæва, уый фæчъизи уыдзæн. 27Цыппæр-
къахыг цæрæгойтæй дзæмбытæ кæуыл ис,
уыдон иууылдæр æнæсыгъдæг сты сыма-
хæн. Сæ мардыл сын чидæриддæр бандзæва,
уый изæрмæ æнæсыгъдæг уыдзæн. 28Ахæм
цæрæгойы мард йæ къухмæ чи сиса, уый-
иу ныхсæд йæ дарæс, йæхæдæг та изæрмæ
æнæсыгъдæг уыдзæн. Ахæм цæрæгойтæ
æнæсыгъдæг сты сымахæн.

29Æнæсыгъдæг уын сты хилæг цæрæгойтæ:
мыстулæг, мыст, сындздымæг гæккуыри-
йы мыггаг, 30геккон, варан, агамæ, сцинк,
хамелеон. 31Ацы хилæгойтæ æнæсыгъдæг
сты сымахæн. Сæ мардыл сын чидæрид-
дæр бандзæва, уый изæрмæ æнæсыгъдæг
уыдзæн. 32Ахæм цæрæгойы мард цæуыл-
дæриддæр æрхауа, уый фæчъизи уыдзæн —
хъæдæй конд уа, хъуымацæй, цармæй æви
кæттагæй — цавæрфæнды кусæн дзаума уæд.
Доны йæ ныхсын хъæудзæн. Уыцы дзаума
изæрмæ баззайдзæн æнæсыгъдæгæй, уый
фæстæ та ногæй ссыгъдæг уыдзæн. 33Ахæм
цæрæгойы мард исты дурын мигæнæны ных-
хауди, зæгъæ, уæд, йæ хуылфы цы уа, уый
фæчъизи уыдзæн, æмæ-иу дурын асæттут.
34Уыцы дурыны цы дон уыди, уый, хæрын
цы не 'мбæлы, ууыл куы æркæла, уæд уыцы
хæринаг фæчъизи уыдзæн. Ахæм дурыны
цы нуазинаг уа, уый дæр фæчъизи уыдзæн.
35Уыцы цæрæгойтæй искæцыйы мард цæ-
уылдæриддæр æрхауа, уый æнæсыгъдæг
суыдзæн. Дзулфыцæн дурын кæнæ къона
хъуамæ хæлд æрцæуой. Фæчъизи уыдзысты,
æнæсыгъдæгыл сæ нымайут. 36Сыгъдæгæй
баззайдзысты æрмæстдæр суадон кæнæ
донуат. Æрмæст, уырдыгæй цæрæгойы мард
чи сиса, уый уыдзæни æнæсыгъдæг. 37Цæ-
рæгойы мард тауинаг нæмгуытыл куы æр-
хауа, уæд уыдон баззайдзысты сыгъдæгæй.
38Фæлæ нæмгуытыл дон конд æрцыд æмæ
йыл уый фæстæ цæрæгойы мард æрхауди,
зæгъæ, уæд уыцы нæмыг æнæсыгъдæг уы-
дзæн сымахæн.

39Хæрын уын цы цæрæгойы фыд æмбæлы,
ахæм ныххæдмæл ис, зæгъæ, уæд, чи йыл
бандзæва, уый æнæсыгъдæг уыдзæн изæр-
мæ. 40Йæ дзидзайæ йын чи фæхъæстæ уа,
уый-иу йæ дарæс ныхсæд, йæхæдæг изæр-
мæ æнæсыгъдæг уыдзæн. Уыцы цæрæгойы
мард йæ къухмæ чи сиса, уый дæр-иу йæ
дарæс ныхсæд, йæхæдæг изæрмæ уыдзæн
æнæсыгъдæг.

41Алы хилæгой дæр æлгъаг у, йæ фыд ын
нæй хæрæн. 42Уыдонæй кæцыдæриддæр
йæ гуыбыны цъарыл быры, цыппар къахыл
цæуы кæнæ бирæкъахджын у — сæ фыдæй
сын ма фæхъæстæ ут, æлгъаг сты. 43Хилæг
цæрæгойтæй макæцыйы фыдæй фæхъæстæ
ут, уæхи дзы ма фæчъизи кæнут, 44уымæн
æмæ Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау. Уæхи
сыгъдæг кæнут æмæ уаз ут, Æз уаз куыд дæн,
афтæ. Хилæг цæрæгойтæй уæхи макæцыйы
фыд хæрынæй фæчъизи кæнут, 45уымæн
æмæ Æз Дунедарæг дæн æмæ уæ ракодтон
Мысыры зæххæй, цæмæй уон уæ Хуыцау. Уæ-
дæ ут сыгъдæг, Æз сыгъдæг куыд дæн, афтæ».

46Ахæм у фос, сырдтæ æмæ мæргъты тых-
хæй æгъдау, стæй хилæгойтæ æмæ, доны бын
цы цæрæгойтæ цæры, уыдонæн се 'ппæты
æгъдау дæр, 47цæмæй адæм кæрæдзийæ
хицæн кæной æнæсыгъдæг æмæ сыгъдæг,
стæй, хæрын цы цæрæгойты фыд æмбæлы,
хæрын кæй не 'мбæлы, уыдонæй.

**12** Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста,
цæмæй израилæгтæн зæгъа: 2«Сылгоймаг
лæппу куы ныййара, уæд авд боны дæргъы
уыдзæн æнæсыгъдæг, æрвылмæйон низæй
куы фæтыхсы, уæд куыд фæчъизи вæййы,
афтæ. 3Æстæм бон-иу лæппу сунæтгонд æр-
цæуæд. 4Сылгоймаг æртындæс æмæ ссæдз
бонмæ йæ тугæй не ссыгъдæг уыдзæн, æмæ
уæдмæ, уаз цы у, ахæмæй мацæмæ бавна-
лæд, Уаз Цæрæны цурмæ дæр ма бацæуæд.
5Æвгъæды бадæг сылгоймаг чызг куы
ныййара, уæд дыууæ къуырийы дæргъы
уыдзæн æнæсыгъдæг, æрвылмæйон низæй
куы фæтыхсы, уæд куыд вæййы, афтæ. Уый
фæстæ ма æхсæз æмæ æртиссæдз боны йæ
тугæй не ссыгъдæг уыдзæн.
6Лæппу кæнæ чызджы райгуырды фæстæ
йе ссыгъдæджы бонтæ куы ахицæн уой, уæд
Фембæлды Цатыры къæсæрмæ, сауджынмæ,
æрбакæнæд фыргуист — иууылсудзинаг
нывондæн. Ноджы ма æрбахæссæд бæдул
бæлон кæнæ æхсинæг — тæригъæды ны-
вондæн. 7Сауджын Дунедарæджы раз уыцы
нывæндтæ æрхæсдзæн æмæ йын афтæмæй
йе ссыгъдæг кæныны æгъдау сæххæст кæн-
дзæн, æмæ сылгоймаг ссыгъдæг уыдзæн, цы
туг дзы рацыди, уымæй.
Ахæм у, лæппу кæнæ чызг чи ныййардта,
уыцы сылгоймаджы тыххæй æгъдау.
8Кæд сылгоймагæн нывондæн фыргуист
æрхæссын йæ къух нæ амона, уæд райсæд
дыууæ æхсинæджы кæнæ дыууæ бæдул
бæлоны, сæ иу — иууылсудзинаг нывондæн,
иннæ та — тæригъæды нывондæн. Сауджын
ын йе ссыгъдæг кæныны æгъдау сæххæст
кæндзæн, æмæ уæд ссыгъдæг уыдзæн».

**13** Дунедарæг загъта Моисей æмæ Ааронæн:
2«Искæмæн йæ буарыл тæппæлттæ, цъут-
хæлттæ кæнæ урс стъæлфытæ куы фæзына,
уæд гæнæн ис, æмæ йыл хъотыр фæзынди.
Уыцы адæймаджы хъæуы æрбакæнын сау-
джын Ааронмæ кæнæ йæ байзæддæгтæй,
сауджынтæй, искæмæ. 3Сауджын ын йæ
буары æфхæлдмæ æркæсæд, æмæ, кæд æф-
хæлдыл цы хъуынтæ ис, уыдон сурс сты,
æфхæлд йæхæдæг та буары арф ныххызти,
уæд уый хъотыр у. Сауджын уый куы фена,
уæд рынчыны адæмы раз банымайæд æнæ-
сыгъдæгыл. 4Кæд стъæлф урс у, буары нæ
ныххызти æмæ хъуынтæ дæр не сурс сты,
уæд сауджын рынчыны авд бонмæ адæмæй
фæхицæн кæнæд. 5Æвдæм бон сауджын
æфхæлдмæ ногæй æркæсæд. Кæд йæ хуыз
нæ аивта æмæ буарыл нæ ахæлиу ис, уæд ма
йæ ноджыдæр авд бонмæ фæхицæн кæнæд.
6Æвдæм бон та сауджын ногæй æркæсæд
æфхæлдмæ. Кæд фæфæлурсдæр ис æмæ
буарыл нæ ахæлиу ис, уæд рынчыны адæмы
раз банымайæд сыгъдæгыл: йæ буар æнæуи
рафаста. Йæ дарæс ныхсæд æмæ уыдзæни
сыгъдæг. 7Фæлæ йæ сауджын куы федта æмæ
йæ сыгъдæгыл куы банымадта, уый фæстæ
йæ буар тынгдæр рафаста, зæгъæ, уæд та
ногæй йæхи сауджынæн фенын кæнæд. 8Сау-
джын, йæ буар тынгдæр кæй рафаста, уый
куы фена, уæд æй адæмы раз банымайæд
æнæсыгъдæгыл: хъотыр ыл ис.
9Искæуыл хъотыр куы фæзына, уæд-иу
æй сауджынмæ æрбакæнæнт. 10Сауджын
æм æркæсдзæн, æмæ йæ буарыл урс тæп-
пал куы фæзына, тæппалыл цы хъуынтæ ис,
уыдон куы сурс уой, йæ хъæдгом та уыцы
ран куы фегом уа, 11уæд уый нысан кæны,
хъотыр йæ буары арф кæй ахызти. Сауджын
рынчыны адæмы раз банымайæд æнæсыгъ-
дæгыл. Адæмæй йæ ма фæхицæн кæнæд,
уымæн æмæ сбæлвырд ис: æнæсыгъдæг у.
12Фæлæ хъотыр рынчыны буарыл къахæй
сæрмæ, сауджынæн дзы йæ бон цас фенын
у, уый бæрц куы ахæлиу уа, 13уæд рынчыны
адæмы раз банымайæд сыгъдæгыл. Йæ буар
иууылдæр кæмæн сурс ис, уый сыгъдæг у.
14Фæлæ рынчыны буарыл гом тæппæлт-
тæ цы бон фæзына, уыцы бонæй фæстæмæ
уыдзæн æнæсыгъдæг. 15Сауджын ын йæ гом
хъæдгом куы фена, уæд рынчыны адæмы раз
банымайæд æнæсыгъдæгыл. Гом хъæдгом
æнæсыгъдæг у — хъотыры нысан. 16Уыцы
хъæдгом куы байгас уа æмæ ногæй куы сурс
уа, уæд-иу рынчын сауджынмæ æрбацæуæд.
17Сауджын æм æркæсæд æмæ, йæ хъæдгом
сурс ис, зæгъгæ, уæд рынчыны адæмы раз
банымайæд сыгъдæгыл. Уыцы адæймаг
сыгъдæг у.
18Искæмæн йæ буарыл сынкъ куы уа æмæ
йын куы сдзæбæх уа, 19сынчъы бынаты та
урс тæппал кæнæ сырхбын урс стъæлф куы
фæзына, уæд рынчын йæхи сауджынæн
фенын кæнæд. 20Сауджын æфхæлдмæ æр-
кæсæд æмæ, кæд буары арф ныххызти, хъу-
ынтæ та сурс сты, уæд рынчыны адæмы
раз банымайæд æнæсыгъдæгыл: сынчъы
бынаты хъотыр фæзынди. 21Фæлæ сауджын,
хъуынтæ урс не сты, æфхæлд дæр буары нæ
ныххызти æмæ фæфæлурсдæр ис, уый куы
фена, уæд рынчыны авд бонмæ адæмæй фæ-
хицæн кæнæд. 22Буарыл куы ахæлиу уа, уæд
сауджын рынчыны адæмы раз банымайæд
æнæсыгъдæгыл: хъотыр ыл ис. 23Стъæлф

йæ бынаты куы баззайа æмæ буарыл куы-
нæ ахæлиу уа, уæд уый та æрмæст сынчъы
нос у, æмæ сауджын рынчыны адæмы раз
сыгъдæгыл банымайæд.
24Искæмæн йæ буар куы басудза, стæй
сыгъды бынаты сырхбын урс кæнæ урс
стъæлф куы фæзына, 25уæд æм сауджын
æркæсæд, æмæ, кæд, стъæлфыл цы хъуын-
тæ ис, уыдон сурс сты, стъæлф йæхæдæг
та буары арф ныххызти, уæд уый хъотыр у,
сыгъды бынаты фæзынди. Сауджын рынчы-
ны адæмы раз банымайæд æнæсыгъдæгыл:
хъотыр ыл ис. 26Фæлæ сауджын, хъуынтæ урс
не сты, стъæлф дæр буары арф нæ ныххызти
æмæ фæфæлурсдæр ис, уый куы фена, уæд
рынчыны авд бонмæ адæмæй фæхицæн
кæнæд. 27Æвдæм бон æм сауджын ногæй
æркæсæд æмæ, кæд æфхæлд буарыл ахæлиу
ис, уæд рынчыны адæмы раз банымайæд
æнæсыгъдæгыл: хъотыр ыл ис. 28Кæд стъæлф
йæ бынаты баззади, буарыл нæ ахæлиу æмæ
фæфæлурсдæр ис, уæд уый сыгъды рæсыд
уыд. Сауджын уыцы адæймаджы банымa-
йæд сыгъдæгыл, уымæн æмæ йын уый æр-
мæст сыгъды нос у.
29Нæлгоймаг кæнæ сылгоймагæн йæ сæ-
ры царм кæнæ йæ роцъо куы фехæла, 30уæд
æм сауджын æркæсæд æмæ, кæд хъæдгом
буары арф ахызти, йæ хъуынтæ та сбур сты
æмæ ныттæнæг сты, уæд рынчыны адæмы
раз банымайæд æнæсыгъдæгыл: уый гæ-
бæрниз у, хъотыр ис йæ сæры царм кæнæ
йæ роцъойыл. 31Сауджын гæбæрмæ куы
æркæса æмæ, буары арф нæ ахызти, фæлæ
хъуынтæ сау нал сты, уый куы фена, уæд
æй авд бонмæ адæмæй фæхицæн кæнæд.
32Æвдæм бон сауджын æфхæлдмæ æркæсæд
æмæ, гæбæр куынæ ахæлиу уа, бур хъуын-
тæ дæр ыл куынæ фæзына æмæ буары дæр
куынæ ныххиза, 33уæд-иу рынчын йæхи
адасæд, æцæг-иу йæ гæбæры бынат æнæ-
дастæй ныуадзæд. Æмæ ма йæ сауджын
ноджыдæр авд бонмæ адæмæй фæхицæн
кæнæд. 34Æвдæм бон та сауджын гæбæрмæ
æркæсæд æмæ, кæд буарыл нæ ахæлиу ис,
буары дæр арф нæ ныххызти, уæд рынчы-
ны адæмы раз банымайæд сыгъдæгыл. Йæ
дарæс-иу ныхсæд æмæ уыдзæни сыгъдæг.
35Фæлæ, сыгъдæгыл нымад куы æрцыд, уый
фæстæ ма гæбæр йæ буарыл ахæлиу ис, зæгъ-
гæ, 36уæд æм сауджын ногæй æркæсæд æмæ,
буарыл ахæлиу ис, уый куы фена, уæд ыл
бур хъуынтæ мауал агурæд, уымæн æмæ
сбæлвырд ис: æнæсыгъдæг у. 37Гæбæр нæ
ахæлиу ис æмæ йыл сау хъуынтæ фæхæцыд,
зæгъгæ, уæд рынчын йæ гæбæрæй сдзæбæх
æмæ сыгъдæг у. Сауджын æй адæмы раз
банымайæд сыгъдæгыл.
38Нæлгоймаг кæнæ сылгоймагæн йæ буа-
рыл урс стъæлфытæ куы фæзына, 39уæд æм
сауджын æркæсæд æмæ, кæд стъæлфытæ
фæлурс сты, уæд буар æнæуи рафаста, ахæм
рынчын сыгъдæг у.
40-41Искæмæн йæ къæбутыл кæнæ ны-
хы сæрмæ йæ сæрыхил куы бавзийа, уæд
уый цæгæрсæр у. Ахæм адæймаг сыгъдæг
у. 42Фæлæ йæ цæгæрыл сырхбын урс æф-
хæлд ис, зæгъгæ, уæд цæгæрыл фæзынди
хъотыр. 43Сауджын æм æркæсæд æмæ, кæд
цæгæрыл сырхбын урс тæппал ис, хъотырæй
куыд вæййы, афтæ, 44уæд уыцы адæймаг
хъотырæй фæрынчын æмæ æнæсыгъдæг
у. Сауджын-иу æй адæмы раз банымайæд
æнæсыгъдæгыл: хъотыр ис йæ сæрыл.
45Хъотырæй рынчын чи у, уый дарæд
скъуыдтæ дарæс, йæ сæрыхъуынтæ йе уæхс-
чытыл æркалæд, йæ зачъе та истæмæй бам-
бæрзæд æмæ хъæр кæнæд: „Æнæсыгъдæг
дæн! Æнæсыгъдæг дæн!“ 46Цалынмæ йыл
æфхæлд уа, уæдмæ æнæсыгъдæг уыдзæн.
Æнæсыгъдæг кæй у, уымæ гæсгæ хъуамæ
цæра хибарæй, рæсæнуаты æдде.
47-48Къуымбил кæнæ гæн хъуымацæй да-
рæсыл, гæн кæнæ къуымбил хъуымæцтыл,
сæрак кæнæ цыфæнды сæрак дзаумайыл
исты тæпп куы фæзына 49æмæ уыцы тæпп
дарæс, сæрак, хъуымац кæнæ цыфæнды сæ-
рак дзаумайыл кæрдæгхуыз кæнæ сырхбын
куы уа, уæд уый хъуынайы нысан у; сауджы-
нæн æй равдисын хъæуы. 50Сауджын æм
æркæсæд æмæ бафæдзæхсæд, цæмæй йæм
авд боны дæргъы мачи бавнала. 51Æвдæм
бон сауджын æркæсдзæн æмæ, тæпп дарæс,
хъуымац кæнæ цыфæнды сæрак дзаумайыл
кæй ахæлиу ис, уый куы фена, уæд уый тæс-
саг хъуына у, ахæм дзаума æнæсыгъдæг у.
52Дарæс, къуымбил кæнæ гæн хъуымацыл,
науæд цыфæнды сæрак дзаумайыл ахæм
тæпп куы уа, уæд уый тæссаг хъуына у. Ахæм
дзаума басудзын хъæуы. 53Фæлæ сауджын
куы фена, уыцы тæпп дарæс, хъуымац кæнæ
сæрак дзаумайыл нæ ахæлиу ис, уый, 54уæд
дзаума ныхсын кæнæд æмæ бафæдзæхсæд,
ноджы ма йæм авд боны куыд мачи бавнала.
55Дзаума ныхсыны фæстæ сауджын æркæсæд
æмæ, тæпп йæ хуыз куынæ аива, уæд уыцы
дзаума æнæсыгъдæг у, кæд тæпп дзаума-
йыл нæ ахæлиу ис, уæддæр. Ахæм дзаума
арты сыгъд æрцæуæд. Мидæджырдыгæй
æви æддæрдыгæй уа хъуынахæрд — дзаума

сæфт у. 56Сауджын куы фена, дзаума ных-
сыны фæстæ уыцы тæпп фæфæлурсдæр ис,
уый, уæд-иу æрмæстдæр хъуынахæрд бынат
ратонæд — дарæсæй уа, хъуымацæй æви
сæракæй. 57Фæлæ та тæпп ногæй дарæсыл,
хъуымацыл кæнæ цыфæнды сæрак дзау-
майыл куы фæзына, уæд хæлиу кæны, æмæ
хъуынахæрд дзаума арты сыгъд æрцæуæд.
58Дарæс, хъуымац кæнæ цыфæнды сæрак
дзаумайæн йæ ныхсыны фæстæ йæ тæпп
куы фесæфа, уæд уыцы дзаума дыккаг хатт
ныхсын хъæудзæн, æмæ уыдзæни сыгъдæг».
59Гъе ахæм у хъуынайы тыххæй æгъдау.
Уый фæрцы хицæнгонд цæудзысты кæрæ-
дзийæ сыгъдæг æмæ æнæсыгъдæг — дарæ-
сыл, къуымбил кæнæ гæн хъуымацыл, стæй
цыфæнды сæрак дзаумайыл исты тæпп куы
фæзына, уæд.

**14** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Мæ-
нæ, йæ хъотырæй чи сдзæбæх вæййы, уый
ссыгъдæг кæныны æгъдау. Сауджынмæ-иу
æй æрбакæнæнт: 3сауджын рæсæнуатæй
æддæмæ рацæуæд æмæ йæм æркæсæд. Рын-
чын йæ низæй сдзæбæх ис, уый куы фена,
4уæд, ссыгъдæг кæнын кæй хъæуы, уыцы
адæймаджы тыххæй æрбахæссын кæнæд
дыууæ удæгас маргъы — сыгъдæг мæргътæ,
стæй кедры лыггаг, сырх-сырхид гæппæл
æмæ цæвæгхос. 5Мæргътæй иу, суадоны дон
кæм ис, ахæм дурын мигæнæны сæрмæ ар-
гæвдын кæнæд. 6Удæгас маргъы та райсæд
æмæ йæ кедры лыггаг, сырх гæппæл æмæ
цæвæгхосимæ, доны сæрмæ кæй аргæвстой,
уыцы маргъы туджы стулæд. 7Хъотырæй чи
сдзæбæх ис, ууыл уыцы тугæй авд хатты
бапырх кæнæд æмæ йæ адæмы раз банымa-
йæд сыгъдæгыл. Удæгас маргъы та ауадзæд.
8Сыгъдæггонд чи цæуы, уый-иу йæ дарæс
ныхсæд, йæ хил иууылдæр адасæд, йæхи цы-
найæд æмæ уæд уыдзæни сыгъдæг. Уый фæс-
тæ йæ бон уыдзæни рæсæнуатмæ бацæуын,
æцæг ма-иу авд боны дæргъы баззайæд йæ
цатыры æдде. 9Æвдæм бон та адасæд йæ сæр,
йæ зачъетæ æмæ йе ’рфгуытæ — йæ хил иу-
уылдæр, ныхсæд йæ дарæс, йæхи цынайæд,
æмæ уæд ссыгъдæг уыдзæн. 10Æстæм бон æр-
бакæнæд дыууæ æнæсахъат фыргуисты æмæ
иу æнæсахъат далыс, хойраджы хуынæн
æрбахæссæд сойамæст æвзаргæ мæнæуы
ссад — ефæйы æртæ дæсæймаг хайы, стæй
оливæйы сойы кæхц. 11Ссыгъдæг кæныны
æгъдау чи æххæст кæны, уыцы сауджын
сыгъдæггæнинаджы йæ хуынтимæ æрлæу-
уын кæнæд Дунедарæджы раз, Фембæлды
Цатыры къæсæры цур. 12Сауджын фыргуист-
тæй иуы ракæнæд æмæ йæ оливæйы сойы
кæхцимæ фиддоны нывондæн æрхæссæд,
уый фæстæ сæ Дунедарæджы раз хæрдмæ
сисæд. 13Фыргуисты аргæвдын хъæуы Уаз
бынаты, тæригъæды нывæндтæ æмæ иу-
уылсудзинаг нывæндтæ кæм фергæвдынц,
уыцы ран. Фиддоны нывонд, тæригъæды
нывондау, сауджыны хай у. Уый у иууылуаз.
14Сауджын фиддоны нывонды тугæй райсæд
æмæ дзы сыгъдæггæнинагæн ацахорæд йæ
рахиз хъусы кæрон, йæ рахиз къухы хистæр
æнгуылдз æмæ йæ рахиз къахы хистæр æн-
гуылдз. 15Стæй сойы кæхцæй йæ галиу армы
дзыхъхъы æркæнæд 16æмæ дзы йæ амонæн
æнгуылдзæй Дунедарæджы раз авд хатты
бапырх кæнæд. 17Йæ армы дзыхъхъы ма дзы
цы сой баззайа, уымæй та сыгъдæггæнина-
гæн ацахорæд йæ рахиз хъусы кæрон, йæ
рахиз къухы хистæр æнгуылдз æмæ йæ ра-
хиз къахы хистæр æнгуылдз — фиддоны ны-
вонды тугæй кæмыты ахуырст æрцыд, уым.
18Сауджынæн ма йæ армы дзыхъхъы цы сой
баззайа, уымæй сыгъдæггæнинагæн йæ сæр
байсæрдæд, æмæ афтæмæй Дунедарæджы
раз йе ссыгъдæг кæныны æгъдау сæххæст
кæндзæн. 19Уый фæстæ сауджын æрхæссæд
тæригъæды нывонд, æмæ афтæмæй уы-
цы адæймаджы ссыгъдæг кæндзæн. Стæй
аргæвдæд иууылсудзинаг нывонд 20æмæ
йæ хойраджы хуынимæ нывондхæссæныл
сæвæрæд. Афтæмæй ссыгъдæг кæныны æгъ-
дау сæххæст кæндзæн, æмæ уыцы адæймаг
уыдзæни сыгъдæг.
21Кæд сыгъдæггæнинаг мæгуыр у, æмæ
ахæм хуын æрбахæссын йæ къух нæ амоны,
уæд фиддоны нывондæн æрбакæнæд иу
фыргуист, цæмæй йæ сауджын хæрдмæ сиса
Дунедарæджы раз æмæ уыцы адæймагæн
йе ссыгъдæг кæныны æгъдау сæххæст кæ-
на. Хойраджы хуынæн та райсæд сойамæст
æвзаргæ мæнæуы ссад — ефæйы дæсæймаг
хай, оливæйы сойы кæхц, 22стæй дыууæ æх-
синæджы кæнæ дыууæ бæдул бæлоны, йæ
къухы цы бафта, уый, сæ иу — тæригъæды
нывондæн, иннæ — иууылсудзинаг нывон-
дæн. 23Æстæм бон йе ссыгъдæг кæнынæн уы-
дæттæ æрбахæссæд сауджынмæ, Фембæлды
Цатыры къæсæрмæ, Дунедарæджы размæ.
24Фиддоны нывонд — фыргуист, стæй оли-
вæйы сойы кæхц — сауджын Дунедарæджы
раз хæрдмæ сисæд. 25Фыргуисты аргæвдæд
фиддоны нывондæн, уый фæстæ йын йæ
тугæй райсæд æмæ дзы, сыгъдæг кæй кæны,
уымæн ацахорæд йæ рахиз хъусы кæрон,

йæ рахиз къухы хистæр æнгуылдз æмæ йæ
рахиз къахы хистæр æнгуылдз. 26Стæй йæ га-
лиу къухы армы дзыхъхъы оливæйы сой æр-
кæнæд 27æмæ дзы йæ амонæн æнгуылдзæй
Дунедарæджы раз авд хатты бапырх кæнæд.
28Йæ армы дзыхъхъы ма цы сой уа, уымæй
ма, сыгъдæг кæй кæны, уымæн ацахорæд йæ
рахиз хъусы кæрон, йæ рахиз къухы хистæр
æнгуылдз æмæ йæ рахиз къахы хистæр æн-
гуылдз — фиддоны нывонды тугæй кæмыты
ахуырст æрцыд, уым. 29Сауджынæн ма йæ
армы дзыхъхъы цы сой баззайа, уымæй,
сыгъдæг кæй кæны, уымæн йæ сæр дæр бай-
сæрдæд, æмæ афтæмæй Дунедарæджы раз
уыцы адæймаджы ссыгъдæг кæныны æгъдау
сæххæст кæнæд. 30Уый фæстæ æхсинæгтæй
кæнæ бæлæттæй — сыгъдæггæнинагæн йæ
къухы цы бафтыд, уыдонæй — 31сауджын
иу æрхæссæд тæригъæды нывондæн, иннæ
та — иууылсудзинаг нывондæн, хойраджы
хуынимæ иумæ, æмæ афтæмæй Дунедарæ-
джы раз сæххæст кæнæд уыцы адæймаджы
ссыгъдæг кæныны æгъдау.

32Ахæм у, хъотырæй чи сдзæбæх ис, фæлæ
мæгуыр чи у, уыцы адæймаджы ссыгъдæг
кæныны æгъдау».

33Дунедарæг загъта Моисей æмæ Ааронæн:
34«Сымах, кæй уын дæттын, уыцы Ханааны
зæхмæ куы бацæуат, æмæ уыцы ран Æз искæ-
цы хæдзарыл хъуына куы бафтауон, 35уæд-иу
хæдзары хицау сауджынмæ бацæуæд æмæ
йын-иу зæгъæд, мæ хæдзарыл хъуынайы
хуызæн цыдæр фæзынди, зæгъгæ. 36Цалын-
мæ йæм фенынмæ нæма ацыди, уæдмæ-иу
сауджын бафæдзæхсæд, цæмæй, хæдзары
цыдæриддæр ис, уыдон æддæмæ рахæссой,
науæд хæдзары алцыдæр нымад æрцæудзæн
æнæсыгъдæгыл. 37Сауджын, хæдзары къул-
тыл цы бурбын цъæх кæнæ сырхбын хъуына
тæппытæ фæзынд, уыдон бадзыхъхъытæ сты,
уый куы фена, 38уæд уырдыгæй рацæуæд
æмæ хæдзары дуар авд боны æмгъуыдмæ
сæхгæнын кæнæд. 39Æвдæм бон сауджын
ногæй æрбацæуæд æмæ та йæм æркæсæд.
Хæдзары къултыл хъуына схæцыди, зæгъгæ,
40уæд, цы дуртыл фæзынди, уыдон ракалын
кæнæд, фæссахар сæ æнæсыгъдæг бынаты
аппарын кæнæд. 41Хæдзары къултæ мидæ-
джырдыгæй иууылдæр хъæуы ныххафын, сæ
хафæнтæ та фæссахар æнæсыгъдæг бынаты
акалын. 42Уый фæстæ, кæй ракалдтой, уыцы
дурты бæсты бавæрæнт æндæр дуртæ æмæ
хæдзары къултæ ногæй байсæрдæнт.

43Дуртæ куы ракалой æмæ хæдзары къул-
тæ куы ныххафой, ногæй сæ куы байсæрдой
æмæ та сыл уый фæстæ хъуына куы схæца,
44сауджын куы æрбацæуа æмæ та, хæдзарыл
хъуына схæцыди, уый куы фена, уæд уый
фыдхъуына у. Уыцы хæдзар æнæсыгъдæг
у, 45æмæ йæ фехалæнт. Йæ дуртæ, йæ хъæ-
дæрмæг æмæ-иу ын йæ къулсæрстытæ фæс-
сахармæ, æнæсыгъдæг бынатмæ, ахæссæнт.

46Хæдзармæ йе 'хгæды бонты чи бацæуа,
уый изæрмæ æнæсыгъдæг уыдзæн. 47Уыцы
хæдзары чи бахсæвиуат кæна, уый-иу йæ
дарæс ныхсæд. Ахæм хæдзары чи бахæра,
уый дæр-иу ныхсæд йæ дарæс.

48Фæлæ сауджын, сæ байсæрдыны фæстæ
хæдзары къултæ нал схъуына сты, уый куы
фена, уæд уыцы хæдзар адæмы раз банымa-
йæд сыгъдæгыл, уымæн æмæ йыл хъуына
нал ис. 49Хæдзар ссыгъдæг кæныны тых-
хæй райсæд дыууæ маргъы, стæй кедры
лыггаг, сырх-сырхид гæппæл æмæ цæвæг-
хос. 50Мæргътæй иуы, суадоны дон кæм ис,
ахæм дурын мигæнæны сæрмæ аргæвдæд.
51Уый фæстæ райсæд кедры лыггаг, цæвæг-
хос, сырх гæппæл æмæ удæгас маргъы. Се
'ппæты дæр æргæвст маргъы туджы стулæд,
суадоны донимæ йæ схæццæ кæнæд, аф-
тæмæй æмæ уыцы тугæй хæдзар авд хатты
бапырх кæнæд. 52Маргъы туг, суадоны дон,
удæгас маргъ, кедры лыггаг, цæвæгхос æмæ
сырх-сырхид гæппæлæй хæдзар ссыгъдæг
кæнæд, 53удæгас маргъы та фæссахар ауа-
дзæд. Афтæмæй хæдзар ссыгъдæг кæныны
æгъдау сæххæст кæндзæн, æмæ уæд хæдзар
уыдзæни сыгъдæг.

54Ахæм æгъдау ис алы хъотыр æмæ гæбæр-
низæн, 55дарæс æмæ хæдзары хъуынайæн,
тæппæлттæ, цъутхæлттæ æмæ урс стъæл-
фытæн, 56цæмæй адæм кæрæдзийæ хицæн
кæной æнæсыгъдæг æмæ сыгъдæг. Ахæм
æгъдау ис хъотырæн».

**15** Дунедарæг Моисей æмæ Ааронæн ба-
фæдзæхста, 2цæмæй израилæгтæн зæгъой:
«Йе 'рдон буарæй цъæй кæмæн цæуа, уыцы
нæлгоймаг æнæсыгъдæг у. 3Фæнды æнæсцу-
хæй лæдæрсæд, фæнды рæстæггай — нæл-
гоймаг фæчъизи уыдзæн. 4Йæ цъæй кæмæн
цæуы, уый кæм схуысса, уыцы хуыссæн
æнæсыгъдæг у; цæуылдæриддæр æрбада,
уый дæр æнæсыгъдæг у. 5Йæ хуыссæныл
ын чи бандзæва, уый-иу йæ дарæс ныхсæд
æмæ йæхи цынайæд. Изæрмæ æнæсыгъдæг
уыдзæн. 6Йæ цъæй кæмæн цæуы, уый цæуыл
бадти, ууыл чи æрбада, уый дæр-иу йæ да-
рæс ныхсæд æмæ йæхи цынайæд. Изæрмæ
æнæсыгъдæг уыдзæн. 7Йæ цъæй кæмæн

цæуы, уымæн йæ буарыл чи бандзæва, уый
дæр-иу йæ дарæс ныхсæд æмæ йæхи цына-
йæд. Изæрмæ æнæсыгъдæг уыдзæн. 8Йæ
цъæй кæмæн цæуы, уый, сыгъдæг чи у, ахæм
адæймагыл куы бату кæна, уæд-иу уыцы
адæймаг йæ дарæс ныхсæд æмæ йæхи цы-
найæд. Изæрмæ æнæсыгъдæг уыдзæн. 9Йæ
цъæй кæмæн цæуы, ахæм нæлгоймаг цы
саргъыл бадти, уый æнæсыгъдæг уыдзæн.
10Йæ цъæй кæмæн цæуы, уымæн йæ быны
цы уыд, ахæм истæуыл чидæриддæр бан-
дзæва, уый изæрмæ æнæсыгъдæг уыдзæн.
Йæ къухмæ йæ чи сиса, уый-иу йæ дарæс
ныхсæд æмæ йæхи цынайæд. Изæрмæ æнæ-
сыгъдæг уыдзæн. 11Йæ цъæй кæмæн цæуы,
уый, йæ къухтæ нæ цæхсадта, афтæмæй
кæуыл бандзæва, уый-иу йæ дарæс ныхсæд
æмæ йæхи цынайæд. Изæрмæ æнæсыгъдæг
уыдзæн. 12Йæ цъæй кæмæн цæуы, уый дурын
мигæнæныл куы бандзæва, уæд æй асæттын
хъæуы, хъæдын дзаума куы уа, уæд та йæ
хъæуы ныхсын.

13Йæ цъæй кæмæн цæуы, уый йæ низæй
куы сдзæбæх уа, уæд авд боны анымайæд,
стæй-иу йæ дарæс ныхсæд æмæ йæхи цы-
найæд суадоны доны, æмæ уæд уыдзæ-
ни сыгъдæг. 14Æстæм бон райсæд дыууæ
æхсинæджы кæнæ дыууæ бæдул бæлоны
æмæ-иу æрбацæуæд Дунедарæджы размæ,
Фембæлды Цатыры къæсæрмæ, сауджын-
мæ-иу сæ раттæд. 15Сауджын мæргътæй иу
æрхæссæд тæригъæды нывондæн, иннæ та —
иууылсудзинаг нывондæн æмæ афтæмæй
Дунедарæджы раз сæххæст кæнæд уыцы
адæймаджы йæ цъæй цæуынæй ссыгъдæг
кæныны æгъдау.

16Нæлгоймагæн йæ мыг йæхи ’гъдауæй
куы акæла, уæд-иу йæ буар æнæхъæнæй
цæхсæд. Изæрмæ æнæсыгъдæг уыдзæн. 17Йæ
мыг цыфæнды хъуымацыл кæнæ сæрак дзау-
майыл куы аззайа, уæд æй хъæудзæн доны
ныхсын. Изæрмæ æнæсыгъдæг уыдзæн.
18Нæлгоймаг сылгоймагимæ æмуат куы
’рцæуа, уæд-иу сæхи цынайæнт. Изæрмæ
æнæсыгъдæг уыдзысты.

19Сылгоймагæн йе ’рвылмæйон туг куы
цæуа, уæд авд боны дæргъы уыдзæни æнæ-
сыгъдæг. Чи йыл бандзæва, уый изæрмæ
æнæсыгъдæг уыдзæн. 20Йе ’рвылмæйон туг-
цыды рæстæг цæуыл æрхуысса, уый фæчъи-
зи уыдзæн; цæуыл æрбада, уый дæр афтæ.
21Йæ хуыссæныл ын чи бандзæва, уый-иу йæ
дарæс ныхсæд æмæ йæхи цынайæд. Изæрмæ
æнæсыгъдæг уыдзæн. 22Цæуыл бадти, ууыл
чи бандзæва, уый дæр-иу йæ дарæс ныхсæд
æмæ йæхи цынайæд. Изæрмæ æнæсыгъдæг
уыдзæн. 23Ахæм сылгоймагæн йæ хуыссæны
кæнæ, кæм бадти, уый уæлæ цы дзаума уа,
ууыл чидæриддæр бандзæва, уый изæрмæ
æнæсыгъдæг уыдзæн. 24Нæлгоймаг йемæ
æмуат æрцыди æмæ йæ сылгоймаг, æнæ-
сыгъдæг цæмæй у, уымæй самæста, зæгъæ,
уæд нæлгоймаг авд боны дæргъы æнæсыгъ-
дæг уыдзæн, кæм схуысса, уыцы хуыссæн
дæр афтæ.

25Сылгоймагæн йе ’рвылмæйон тугцыды
рæстæг нæ, фæлæ æндæр исты афон йæ
туг дзæвгар куы фæцæуа кæнæ йе ’рвыл-
мæйон тугцыды бонтæ дæргъвæтиндæр
куы ахæссой, уæд, цалынмæ йæ туг цæуа,
уæдмæ æнæсыгъдæг уыдзæн, йе ’рвылмæ-
йон тугцыды рæстæг куыд вæййы, афтæ.
26Уыцы бонты цы хуыссæны схуысса, уый
фæчъизи уыдзæн, йе ’рвылмæйон тугцыды
рæстæг куыд вæййы, афтæ. Цæуылдæрид-
дæр æрбада, уый дæр уыдзæни æнæсыгъ-
дæг, йе ’рвылмæйон тугцыды рæстæг куыд
вæййы, афтæ. 27Чи сыл бандзæва, уый дæр
æнæсыгъдæг уыдзæн. Йæ дарæс-иу ныхсæд
æмæ-иу йæхи цынайæд. Изæрмæ уыдзæн
æнæсыгъдæг.

28Сылгоймаг йæ тугцыдæй куы сдзæбæх уа,
уæд авд боны анымайæд, æмæ уый фæстæ
уыдзæни сыгъдæг. 29Æстæм бон-иу райсæд
дыууæ æхсинæджы кæнæ дыууæ бæдул
бæлоны æмæ сæ æрбахæссæд сауджынмæ,
Фембæлды Цатыры къæсæрмæ. 30Сауджын
мæргътæй иу æрхæссæд тæригъæды нывон-
дæн, иннæ та — иууылсудзинаг нывондæн
æмæ афтæмæй Дунедарæджы раз сæххæст
кæнæд уыцы сылгоймаджы йæ тугцыдæй
ссыгъдæг кæныны æгъдау.

31Израилæгты-иу, æнæсыгъдæг цы у, уы-
дæттæй бахизут, цæмæй сæхи ма фæчъизи
кæной æмæ афтæмæй, се ’хсæн Мын цы
цæрæн ис, уый дæр ма фæчъизи уа, науæд
амæлдзысты.

32Уыдон сты, йæ цъæй цы нæлгоймагæн
фæцæуы, йæ мыг йæхи ’гъдауæй кæмæн
акæлы æмæ уымæй чи фæчъизи вæййы,
33стæй æрвылмæйон тугцыд цы сылгоймаг-
мæ фæзыны — алы æнæсыгъдæгдзинад цы
нæлгоймагæй кæнæ сылгоймагæй рацæуы,
стæй, æнæсыгъдæг сылгоймагимæ æмуат
цы нæлгоймаг æрцæуы, уыдоны тыххæй
æгъдæуттæ».

**16** Ааронбы дыууæ фырты Дунедарæджы
размæ куы бацыдысты æмæ куы амардыс-
ты, уый фæстæ Дунедарæг Моисеимæ ныхас

кодта. 2Дунедарæг Моисейæн загъта: «Де
’фсымæр Ааронæн бафæдзæхс, цæмæй алы
рæстæджы ма хиза мидæмбæрзæны уыл-
ты — Рухсмонуатмæ, Фидыды Чырыны сæры
размæ, науæд амæлдзæн, уымæн æмæ-иу
Æз Фидыды Чырыны сæрмæ фæзындзынæн
æврагъы мидæг. 3Уаз Цæрæнмæ бацæуын
йæ зæрды куы уа, уæд Аарон тæригъæды
нывондæн хъуамæ æрбакæна гал, иуулсу-
дзинагæн та — фыр. 4Йæ уæлæ-иу скæнæд
уаз хæдон æмæ мидæггаг хæлаф, йæ астæуыл
æрбабæттæд рон, йæ сæрыл та-иу сарыхъ
æркæнæд, се ’ппæт дæр — гæн хъуымацæй.
Уыдон уаз дарæс сты, æмæ-иу се скæныны
размæ йæхи цынайæд.

5Израилы адæмæй Аарон тæригъæды ны-
вондæн райсæд дыууæ цæуы, иуулсудзи-
нагæн та — фыр. 6Йæхи тыххæй тæригъæды
нывондæн æрхæссæд гал æмæ афтæмæй
сæххæст кæнæд йæхи æмæ йæ хæдзаронты
тæригъæдтæ ныббарыны æгъдау. 7Дыууæ
цæуы æрлæууын кæнæд Дунедарæджы раз,
Фембæлды Цатыры къæсæры цур. 8Цæуты
тыххæй хæлттæ сæппарæд: иу дзы хъæуы
Дунедарæгæн нывондæн æрхæссын, иннæ
та — æдзæрæг быдырмæ, Азазелмæ, аскъæ-
рын. 9Дунедарæджы номыл йæ хал цы цæ-
уæн схауа, уый Аарон æрхæссæд тæригъæды
нывондæн. 10Тæригъæд ныббарыны охыл
нывондæн хаст æрцæуæд, зæгъгæ, йæ хал
цы цæуæн схауа, уый та-иу Дунедарæджы
раз удæгасæй баззайæд, цæмæй æххæстгонд
æрцæуа адæмы тæригъæдтæ ныббарыны
æгъдау æмæ йæ аскъæрой æдзæрæг быдыр-
мæ, Азазелмæ.

11Йæхи тыххæй тæригъæды нывонд æр-
хæссынæн Аарон æрбакæнæд гал æмæ сæх-
хæст кæнæд йæхи, стæй йæ хæдзаронты
тæригъæдтæ ныббарыны æгъдау. Галы куы
аргæвда, 12уæд-иу, Дунедарæджы раз цы
нывондхæссæн ис, уый цæхæрæй райсæд
будсудзæны дзаг, йæ дыууæ армыдзаджы
та — фæхты хост буд æмæ-иу сæ мидæм-
бæрзæны уылты бахæссæд. 13Буд-иу Дуне-
дарæджы раз зынгыл æрæвæрæд, æмæ буды
фæздæг Фидыды Чырыны сæр æрæмбæрз-
дзæн, цæмæй Аарон ма амæла. 14Уый фæстæ
галы тугæй йе ’нгуылдзыл сисæд æмæ дзы
Фидыды Чырыны сæр скæсæнæрдыгæй иу
хатт бапырх кæнæд, йæ разы зæхх та — авд
хатты.

15Уый фæстæ Аарон адæмы тæригъæдтæ
ссыгъдæг кæныны тыххæй аргæвдæд цæуы.
Йæ туг ын мидæмбæрзæны уылты бахæссæд
æмæ, галы тугæй куыд бапырх кодта, афтæ
уымæй дæр бапырх кæнæд Фидыды Чырыны
сæр æмæ йæ разы зæхх. 16Афтæмæй сæххæст
кæнæд, израилæгтæ сæ фыдракæндтæй
æмæ се ’ппæт тæригъæдтæй цы Уаз Цæрæн
фæчъизи кодтой, уый ссыгъдæг кæныны
æгъдау. Афтæ-иу бакæнæд Фембæлды Ца-
тырæн дæр — Израилы адæмæн сæ астæу
чи ис æмæ сæ тæригъæдтæй кæй фæчъизи
кодтой, уымæн. 17Аарон-иу Рухсмонуат-
мæ тæригъæдтæ ссыгъдæг кæнынмæ куы
бацæуа, уæд хъуамæ Фембæлды Цатыры
иунæг адæймаг дæр ма уа, цалынмæ фæс-
тæмæ рацæуа, уæдмæ. Афтæмæй сæххæст
кæндзæн йæхи, йæ хæдзаронты æмæ æппæт
Израилы адæмы тæригъæдтæ ныббарыны
æгъдау. 18Уый фæстæ-иу, Дунедарæджы раз
цы нывондхæссæн ис, уымæ рацæуæд æмæ
йын сæххæст кæнæд йе ссыгъдæг кæныны
æгъдау. Гал æмæ цæуы тугæй райсæд æмæ
дзы нывондхæссæны сыкъатæ байсæрдæд,
19стæй йе ’нгуылдзæй нывондхæссæн авд
хатты тугæй бапырх кæнæд. Афтæмæй йæ
ссыгъдæг кæнæд израилæгты тæригъæдтæй
æмæ йæ срухс кæнæд.

20Рухсмонуат, Фембæлды Цатыр æмæ ны-
вондхæссæн ссыгъдæг кæныны æгъдау куы
сæххæст кæна, уæд-иу Аарон удæгас цæу
æрбакæнæд. 21Йæ дыууæ къухы-иу цæуы
сæрыл æрæвæрæд æмæ-иу афтæмæй басæт-
тæд израилæгты æппæт азымыл, се ’ппæт
фыдракæндтæ æмæ се ’ппæт тæригъæд-
тыл — цæуы сæрыл сæ сæвæрæд æмæ йæ
стæй цумайы лæгимæ æдзæрæг быдырмæ
арвитæд. 22Цæу израилæгты фыдракæнд-
тæ иуылдæр ахæсдзæн æдзæрæг ранмæ.
Уым-иу æй ауадзæд.

23Аарон-иу бацæуæд Фембæлды Цатырмæ,
Рухсмонуатмæ бацæуыны размæ йæ уæлæ
цы гæн дарæс скодта, уый-иу раласæд æмæ-
иу æй уым ныуадзæд. 24Стæй-иу йæхи Уаз
бынаты цынайæд, скæнæд йе ’рвылбоны
дарæс, æддæмæ рацæуæд æмæ æрхæссæд
иуулсудзинаг нывæндтæ: иу — йæхи тых-
хæй, иннæ та — адæмы тыххæй. Афтæмæй
сæххæст кæнæд йæхи тæригъæдтæ, стæй
адæмы тæригъæдтæ ныббарыны æгъдау.
25Тæригъæды нывæндтæн-иу сæ фиутæ ны-
вондхæссæныл басудзæд.

26Цæу Азазелмæ чи аскъæрдта, уый-иу
ныхсæд йæ дарæс æмæ йæхи цынайæд, æмæ
йын уæд уыдзæни рæсæнуатмæ бацæуы-
ны бар.

27Тæригъæды нывондæн Рухсмонуатмæ
кæй туг бахастæуыд, уыцы гал æмæ цæ-
уы кусæрттæ хъæуы рæсæнуатæй æддæмæ

рахæссын. Сæ царм, сæ дзидза æмæ сæ ху-
ылфыдзаумæттæ сын басудзын хъæуы. 28 Чи
сæ басудза, уый-иу ныхсæд йæ дарæс æмæ
йæхи цынайæд, æмæ йын уæд уыдзæни
рæсæнуатмæ бацæуыны бар.
29 Мæнæ уын мыггагмæйы уагæвæрд:
æвдæм мæйы дæсæм бон ком дарут, мачи
уæ мацы кусæд: нæдæр бынæттон цæрæг,
нæдæр, уе ’хсæн чи æрцæра, уыцы æрцæ-
уæггаг. 30 Уыцы бон æххæстгонд цæудзæн
уæ тæригъæдтæ ныббарыны æгъдау, æмæ
Дунедарæджы раз ссыгъдæг уыдзыстут уæ
алы тæригъæдæй. 31 Сабатау æнцойбон у
уый сымахæн, æмæ-иу ком дарут. Уый уын
мыггагмæйы уагæвæрд.
32 Тæригъæд ныббарыны æгъдау-иу сæх-
хæст кæнæд, йæ фыды бынатмæ сауджынæн
кæй байсæрстой, уый. Йæ уæлæ-иу скæнæд
гæн хъуымацæй дарæс — уаз дарæс, 33 æмæ-
иу сæххæст кæнæд Рухсмонуат, Фембæлды
Цатыр æмæ нывондхæссæн ссыгъдæг кæ-
ныны æгъдау, стæй сауджынтæ æмæ æппæт
Израилы адæмы тæригъæдтæ ныббары-
ны æгъдау. 34 Уый уын уæд мыггагмæйы
уагæвæрд: афæдз иу хатт æххæст кæнын
хъæудзæн израилæгты сæ алы тæригъæдæй
ссыгъдæг кæныны æгъдау».
Аарон бакодта, Дунедарæг Моисейæн куыд
бафæдзæхста, афтæ.

**17** 1-2 Дунедарæг Моисейæн загъта: «Фехъу-
сын кæн Аарон æмæ йæ фырттæн, стæй æп-
пæт израилæгтæн: Дунедарæг уын фæдзæхсы:
3 исчи уæ рæсæнуаты мидæг, науæд уый æдде
стур, фыс кæнæ сæгъ куы аргæвда, 4 Фембæл-
ды Цатыры къæсæрмæ йæ куынæ æрбакæ-
на æмæ йæ Дунедарæджы цæрæны раз ны-
вондæн куынæ æрхæсса Дунедарæгæн, уæд
уыцы адæймаг азымджын фæуыдзæн: туг
ныккалдта, æмæ йæ адæмæй фæхъæудзæн.
5 Уымæ гæсгæ израилæгтæ нырæй фæстæмæ
сæ нывондæгтæ быдыры мауал æргæвдæнт,
фæлæ-иу сæ æрбакæнæнт Дунедарæджы
размæ, Фембæлды Цатыры къæсæрмæ, сау-
джынмæ, æмæ-иу сæ Дунедарæджы номыл
фидыды нывондæн аргæвдæнт. 6 Сауджын-иу
нывонды тугæй Фембæлды Цатыры къæсæры
раз Дунедарæджы нывондхæссæныл бапырх
кæнæд, сæ фиутæ та-иу сын басудзæд — Дуне-
дарæгæн æхцон хæрздæфæн. 7 Цы цæуæнгæс
дæлимонтимæ хæтынц, уыдонæн мауал хæс-
сæнт нывæндтæ. Уый сын уæд мыггагмæйы
уагæвæрд, фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
8 Зæгъ сын: израилæгтæй æмæ се ’хсæн
цæрæг æцæгæлæттæй исчи иууылсудзинаг
кæнæ æндæр исты нывонд куы хæсса 9 æмæ,
Дунедарæджы номыл хаст нывондæн ку-
ыд æмбæлы, афтæ йæ нывондаджы Фем-
бæлды Цатыры къæсæры цурмæ куынæ
æрбакæна, уæд уыцы адæймаг йæ адæмæй
фæхъæудзæн.
10 Израилæгтæй кæнæ се ’хсæн цæрæг æцæ-
гæлæттæй исчи йæхи туджы хъæстæ куы
фæкæна, уæд æй Æз мæ азары хай бакæн-
дзынæн, хъодыгонд æй фæкæндзынæн йæ
адæмы ’хсæнæй, 11 уымæн æмæ алы цæрæг
удæн дæр йæ цард йæ туджы ис, æмæ Æз туг
снысан кодтон нывондхæссæнæн, цæмæй-иу
йæ фæрцы ссыгъдæг уат уæ тæригъæдтæй.
Цард туджы ис, æмæ тæригъæдтæ барст йæ
фæрцы цæуынц. 12 Æз израилæгтæн уый
тыххæй бафæдзæхстон: сымахæй дæр æмæ
уе ’хсæн цæрæг æцæгæлæттæй дæр туджы
хъæстæ мачи фæуæд.
13 Израилæгтæй, науæд се ’хсæн цæрæг
æцæгæлæттæй исчи цуаны, йæ фыд хæрын
кæмæн æмбæлы, ахæм сырд кæнæ маргъ куы
амара, уæд-иу ын йæ туг рауадзæд æмæ-иу
туг сыджыты бын фæкæнæд, 14 уымæн æмæ
алы цæрæг удæн дæр йæ цард йæ туджы ис,
æмæ Æз израилæгтæн бафæдзæхстон, цæ-
мæй тугимæ мацы фыд хæрой. Алы цæрæг
удæн дæр йæ цард йæ туджы ис, æмæ, туги-
мæ чидæриддæр бахæра, уый йæ адæмæй
фæхъæудзæн.
15 Хæдмæл фосы кæнæ, сырдтæ кæй нып-
тоной, уымæн йæ фыд чидæриддæр бахæ-
ра — израилаг уа æви æрцæуæггаг — йæ да-
рæс-иу ныхсæд æмæ йæхи цынайæд. Изæрмæ
уыдзæн æнæсыгъдæг, уый фæстæ ссыгъдæг
уыдзæн. 16 Йæ дарæс куынæ ныхса æмæ йæхи
куынæ цынайа, уæд та уыдзæнис азымджын».

**18** Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста,
цæмæй израилæгтæн зæгъа: 2 «Æз Дунеда-
рæг дæн, уæ Хуыцау. 3 Кæм цардыстут, уыцы
Мысыры, стæй, кæдæм уæ кæнын, уыцы
Ханааны хъуыддæгтæ дæр ма бафæзмут. Се
’гъдæуттыл сын ма ныххæцут. 4 Мæ амындты-
тæ æмæ Мæ уагæвæрдтæ Мын æххæст кæнут:
Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау. 5 Æххæст Мын
кæнут Мæ уагæвæрдтæ æмæ Мæ амындты-
тæ, уымæн æмæ, чи сæ æххæст кæны, уый
цæрдзæни сæ фæрцы. Æз Дунедарæг дæн.
6 Хæстæг уын чи æййафа, ахæм сылгой-
магмæ уæ мачи бавналæд, мачи æрæмуат
уæд йемæ: Æз Дунедарæг дæн.
7 Ма æрæмуат у дæ мадимæ — уымæй дæ
фыды фегад кæндзынæ. Уый дæ мад у, ма
æрæмуат у йемæ.

8Ма ӕрӕмуат у дӕ фыды бинойнагимӕ —
уымӕй дӕ фыды ӕгад кӕныс.
9Ма ӕрӕмуат у дӕ хоимӕ, фыд кӕнӕ ма-
дӕй иу кӕимӕ стут, уыимӕ — иу хӕдзары
райгуырдыстут ӕви нӕ, уый уӕлдай нӕу.
Ма ӕрӕмуат у йемӕ.
10Ма ӕрӕмуат у дӕ фырты чызг кӕнӕ дӕ
чызджы чызгимӕ. Ма ӕрӕмуат у семӕ — уы-
мӕй дӕхи ӕгад кӕныс.
11Ма ӕрӕмуат у, дӕ фыдӕй йын чи рай-
гуырди, дӕ фыды бинойнаджы уыцы чыз-
гимӕ — уый дӕ хо у.
12Ма ӕрӕмуат у дӕ фыды хоимӕ — уый
дӕ фыдӕн йӕ туг, йе стӕг у.
13Ма ӕрӕмуат у дӕ мады хоимӕ — уый дӕ
мадӕн йӕ туг, йе стӕг у.
14Дӕ фыды ’фсымӕры ма фегад кӕн — ма
йын бавнал йӕ усмӕ. Уый дӕ хион у.
15Ма ӕрӕмуат у дӕ чындзимӕ — уый дӕ
фырты ус у, ма ӕрӕмуат у йемӕ.
16Ма ӕрӕмуат у де ’фсымӕры усимӕ — уы-
мӕй де ’фсымӕры ӕгад кӕныс.
17Ма ӕрӕмуат у сылгоймаг ӕмӕ йӕ чыз-
гимӕ, ма ӕрӕмуат у сылгоймагӕн йӕ цоты
чызджытимӕ, уымӕн ӕмӕ уыдон уыцы
сылгоймагӕн йӕ туг, йе стӕг сты — уый
ӕлгъаг ми у.
18Дӕ усы хойы ма ракур, дӕ усы удӕгасӕй
ма ӕрӕмуат у йемӕ.
19Сылгоймагмӕ йе ’рвылмӕйон тугцыды
рӕстӕг ма бавнал, уымӕн ӕмӕ уыцы бонты
ӕнӕсыгъдӕг у.
20Ма ӕрӕмуат у искӕй усимӕ, науӕд дӕхи
фӕчъизи кӕндзынӕ.
21Дӕ цотӕй Молохӕн макӕй снывонд кӕн,
ма фегад кӕн дӕ Хуыцауы ном. Ӕз Дуне-
дарӕг дӕн.
22Сылгоймагимӕ ӕмуат куыд ӕрцӕуынц,
афтӕ нӕлгоймагимӕ ӕмуат ма ӕрцу — уый
ӕлгъаг ми у.
23Ма ӕриу у фосимӕ, дӕхи ма фӕчъизи
кӕн. Сылгоймаг дӕр фосы бын ма ’рхуыс-
сӕд — уый ӕлгъаг ми у.
24Ахӕм хъуыддӕгтӕй уӕхи ма фӕчъизи
кӕнут, уымӕн ӕмӕ уыдӕттӕй сӕхи фӕчъи-
зи кодтой, Ӕз уӕ цурӕй кӕй сурын, уыцы
адӕмтӕ. 25Уыдоны тыххӕй зӕхх фӕчъи-
зи ис. Ӕз зӕххӕй дзуапп ӕрдомдтон йӕ
тӕригъӕды тыххӕй, ӕмӕ йӕ цӕрджыты
расхуыста йӕхицӕй. 26Фӕлӕ сымах ӕххӕст
кӕнут Мӕ уагӕвӕрдтӕ ӕмӕ Мӕ амындт-
тытӕ. Ахӕм ӕлгъаг митӕ сымахӕй мачи
кӕнӕд, фӕнды израилаг уа, фӕнды уе ’хсӕн
цӕрӕг ӕрцӕуӕггаг, 27уымӕн ӕмӕ ӕппӕт
уыдӕттӕ кодтой, ацы зӕххыл уӕ размӕ чи
царди, уыцы адӕм, ӕмӕ зӕхх фӕчъизи ис.
28Уӕдӕ ацы зӕхх куы фӕчъизи кӕнат, уӕд
уӕ йӕхицӕй расхойдзӕн, уӕ размӕ дзы чи
царди, уыцы адӕмты куыд расхуыста, афтӕ.
29Уыцы ӕлгъаг митӕ чидӕриддӕр кӕна, уый
йӕ адӕмӕй фӕхъӕудзӕн. 30Мӕ фӕдзӕхс-
тытӕ Мын ӕххӕст кӕнут — ма бафӕзмут,
уӕ размӕ ам цы ӕлгъаг ӕгъдӕуттыл хӕст
уыдысты, уыдон, науӕд фӕчъизи уыдзыстут.
Ӕз Дунедарӕг дӕн, уӕ Хуыцау».

**19** Дунедарӕг Моисейӕн бафӕдзӕхста,
цӕмӕй ӕппӕт Израилы адӕмӕн зӕгъа:
2«Ут сыгъдӕг, уымӕн ӕмӕ Ӕз, Дунедарӕг,
уӕ Хуыцау, сыгъдӕг дӕн.
3Алчидӕр уӕ нымайӕд йӕ мад ӕмӕ йӕ
фыды, ӕххӕст Мын кӕнут Мӕ сабаты уа-
гӕвӕрдтӕ. Ӕз Дунедарӕг дӕн, уӕ Хуыцау.
4Гуымирытӕм уе ’ргом ма здахут ӕмӕ уӕ-
хицӕн джиппыуагъд гуымирытӕ ма аразут.
Ӕз Дунедарӕг дӕн, уӕ Хуыцау.
5Фидыды нывонд-иу Дунедарӕгӕн, барст
ын куыд ӕрцӕуа, афтӕ ӕрхӕссут. 6Йӕ дзи-
дза йын хӕрын ӕмбӕлы, нывондӕн ӕй куы
ӕрхӕссат, уыцы бон, стӕй дыккаг бон. Ӕр-
тыккаг бонмӕ ма дзы цы баззайа, уый арты
сыгъд ӕрцӕуӕд. 7Ӕртыккаг бон ма исчи
фидыды нывондӕй куы бахӕра, уӕд ӕй
нӕ айстӕуыдзӕн, уымӕн ӕмӕ уыцы дзи-
дза ӕнӕсыгъдӕг у. 8Чи дзы бахӕра, уый
уыдзӕнис азымджын, уымӕн ӕмӕ Дунеда-
рӕджы уаз хай фӕчъизи кодта; йӕ адӕмӕй
фӕхъӕудзӕн.
9Уӕ зӕххы тыллӕг куы ӕфснайат, уӕд-иу
уӕ хуымты кӕрӕттӕ ма ныккӕрдут, стӕй-иу,
уӕ хуымы цы баззайа, уыдон дӕр ма ӕруи-
дзут. 10Уӕ сӕнӕфсир дӕр фӕстаг гагайы онг
ма ӕртонут, зӕхмӕ дзы цы гагатӕ ӕрхауа,
уыдон дӕр-иу ма ӕруидзут — мӕгуыртӕн
ӕмӕ ӕрцӕуӕггӕгтӕн сӕ ныууадзут. Ӕз
Дунедарӕг дӕн, уӕ Хуыцау.
11Ма давут, ма сайут, кӕрӕдзиуыл хи-
нӕй ма цӕут. 12Мӕ номӕй мӕнг сомытӕ
ма кӕнут, науӕд уӕ Хуыцауы ном фегад
кӕндзыстут. Ӕз Дунедарӕг дӕн.
13Макӕй ӕфхӕр ӕмӕ макӕй стигъ. Де
’ххуырстӕн йӕ мызд райсоммӕ дӕхимӕ
ма уром.
14Къуырмайӕн ма кӕн йӕ фыдгой ӕмӕ
куырмӕн йӕ фӕндагыл цӕлхдур ма ӕвӕр.
Дӕ Хуыцауӕй тӕрс. Ӕз Дунедарӕг дӕн.
15Раст тӕрхон ма сзыгъуыммӕ кӕн. Ма
хъулон кӕн мӕгуыры ӕмӕ хъӕздыджы зӕр-
дӕ ма ’лхӕн — алкӕмӕн дӕр раст тӕрхон
кӕн. 16Дам-думтӕ ма хӕлиу кӕн дӕ адӕмы

’хсæн æмæ йæ цард макæмæн аскъуын. Æз
Дунедарæг дæн. [17]Дæ зæрдæйы мидæг де
’фсымæрмæ æнæуынондзинад ма æмбæхс.
Æргомæй йын бауайдзæф кæн, науæд дæ-
хæдæг дæр йæ тæригъæдты азымджын
фæуыдзынæ. [18]Дæ адæмæй дæ маст ма ис,
хæрамзæрдæйæ макæмæ кæс. Уарз хионы,
дæхи куыд уарзыс, афтæ. Æз дæн Дунедарæг.
[19]Æххæст Мын кæнут Мæ уагæвæрдтæ:
алыхуызон фосы мыггаг кæрæдзиимæ ма
хъазын кæнут; дыууæ хуызы мыггæгтæ ма
таут уæ хуымы; алыхуызон æндæхтæй конд
дарæс ма скæнут уæ уæлæ.
[20]Искæй усаг чи у, ахæм цагъар сылгой-
маджы йæ мойаг нæма балхæдта, йæ хицау
дæр æй нæма ссæрибар кодта, афтæмæй
исчи йемæ æмуат æрцыди, зæгъгæ, уæд
уыцы нæлгоймаг йæ тæригъæды тыххæй
æфхæрд баййафæд. Марын сæ нæ хъæуы,
уымæн æмæ сылгоймаг сæрибар нæу. [21]Йæ
азымы тыххæй нæлгоймаг Фембæлды Ца-
тыры къæсæрмæ æрбакæнæд фыс — Дуне-
дарæгæн фиддоны нывондæн. [22]Сауджын-иу
æрхæссæд фиддоны нывонд æмæ афтæмæй
Дунедарæджы раз сæххæст кæнæд уыцы
лæгæн йæ тæригъæд ныббарыны æгъдау,
æмæ йын уæд уыдзæни барст.
[23]Ханааны зæхмæ куы бацæуат æмæ уым
дыргъбæлæстæ куы ныссадзат, уæд сын
фыццаг æртæ азы сæ дыргътæ нымайут
нæфæтчиагыл, ма-иу дзы хæрут. [24]Цып-
пæрæм аз дыргътæ нымад æрцæуæнт уа-
зыл — Дунедарæгæн бæрæгбоны хуыныл.
[25]Дыргътæ уæ бон хæрын уыдзæни фæндзæм
азæй фæстæмæ. Афтæ куы кæнат, уæд уæ
бæлæсты бæркад бирæ уыдзæн. Æз Дуне-
дарæг дæн, уæ Хуыцау.
[26]Дзидза тугимæ ма хæрут. Дæсны ма фæр-
сут æмæ кæлæнтæ ма кæнут.
[27]Уæ къæмисæнты хил ма æлвынут, стæй уæ
зачъетæ ма цыбыр кæнут. [28]Мардыл кæугæйæ,
уæ буар ма лыгтæ кæнут, мадæр уæхиуыл су-
дзинæй исты ныв кæнут. Æз Дунедарæг дæн.
[29]Ма фæчъизи кæн дæ чызджы — хæтыныл
æй ма бафтау, науæд зæхх фæчъизи уыдзæн
хъахбайдзинадæй æмæ байдзаг уыдзæн
æлгъаг мийæ.
[30]Æххæст Мын кæнут Мæ сабаты уагæ-
вæрдтæ æмæ кад кæнут Мæ Уаз Цæрæнæн.
Æз Дунедарæг дæн.
[31]Мæрдтæмсидджытæ æмæ дæсныфæрс-
джытæм ма цæут, цæмæй уæхи ма фæчъизи
кæнат. Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау.
[32]Урссæрæн-иу сыст æмæ хистæрæн кад
кæн. Тæрс дæ Хуыцауæй. Æз — Дунедарæг.
[33]Уæ зæххыл æрцæуæггагæй чи цæра, уы-
доны-иу ма æфхæрут. [34]Цыма бынæттон
цæрджытæ сты, ахæм цæстæй сæм кæсут.
Уарзут сæ, уæхи куыд уарзут, афтæ. Рох уæ ма
уæд, уæхæдæг дæр Мысыры зæххыл æрцæ-
уæггæгтæ кæй уыдыстут, уый. Æз Дунедарæг
дæн, уæ Хуыцау.
[35]Дæргъ, уæз кæнæ бæрцуат баргæйæ, ма-
кæй фæливут. [36]Уæ тæраз, уæ барæн дуртæ,
уæ барæн ефæ æмæ уæ барæн гин раст ба-
рæнт. Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау, Мы-
сыры зæххæй уæ Чи ракодта, Уый.
[37]Мæ уагæвæрдтæ æмæ Мын Мæ амынд-
тытæ иууылдæр æххæст кæнут. Æз Дуне-
дарæг дæн».

**20** Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста,
цæмæй израилæгтæн зæгъа: [2]«Уæхицæй
кæнæ уе ’хсæн цæрæг æцæгæлæттæй исчи
йæ сывæллоны Молохæн нывондæн куы æр-
хæсса, уæд мард æрцæуæд: адæм æй дурты
бын фæкæнæнт. [3]Æз уыцы адæймаджы Мæ
азары хай бакæндзынæн, фесафдзынæн æй,
йæ адæмы ’хсæнæй хъодыгонд æрцæудзæн,
уымæн æмæ йæ сывæллоны Молохæн нывон-
дæн æрхаста. Уымæй Мын фæчъизи кодта
Мæ Уаз Цæрæн æмæ фегад кодта Мæ уаз ном.
[4]Исчи йæ сывæллоны Молохæн нывондæн
куы æрхæсса æмæ бæстæйы адæм сæхи
ницыуынæг куы скæной, куынæ йæ амарой,
[5]уæд Æз уыцы адæймаг æмæ йæ мыггаджы
Мæ азары хай бакæндзынæн, йæхи дæр æмæ
ма йемæ хъахбайау Молохы фæдыл чи цыди,
уыдоны се ’ппæты дæр фесафдзынæн, сæ
адæмæй фæхъæуыдзысты.
[6]Мæрдтæмсидджытæм æмæ дæсныфæрс-
джытæм чи цæуа, семæ чи хæта, уыдоны Мæ
азар баййафдзæн.
[7]Уаз ут æмæ архайут сыгъдæгæй цæрыныл,
уымæн æмæ Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау.
[8]Мæ уагæвæрдтæ Мын æххæст кæнут. Æз
Дунедарæг дæн, уаз Кæй фæрцы стут, Уый.
[9]Йæ мад кæнæ йæ фыды чи æлгъиты, уый
мард æрцæуæд. Йæ мад æмæ йæ фыды кæй
ралгъыста, уымæ гæсгæ йæ мæлæты аххос-
джын йæхæдæг у.
[10]Исчи искæй усимæ куы æрæмуат уа, уæд
дыууæйæ дæр мард æрцæуæнт — нæлгоймаг
дæр æмæ сылгоймаг дæр.
[11]Йæ фыды бинойнагимæ æмуат чи æр-
цæуа, уый фегад кæндзæн йæ фыды, æмæ
сæ дыууæ дæр мард æрцæуæнт. Сæ мæлæты
сæхæдæг уыдзысты аххосджын.
[12]Исчи йæ чындзимæ куы æрæмуат уа,
уæд сæ дыууæ дæр мард æрцæуæнт. Æлгъаг

ми бакодтой æмæ сæ мæлæты сæхæдæг уыдзысты аххосджын.
13Сылгоймагимæ æмуат куыд æрцæуынц,
афтæ нæлгоймаг æндæр лæгимæ куы æрæмуат уа, уæд сæ дыууæ дæр, æлгъаг ми кæй бакодтой, уымæ гæсгæ мард æрцæуæнт. Сæ мæлæты сæхæдæг уыдзысты аххосджын.
14Исчи искæцы сылгоймагæн йæхи дæр
æмæ йæ мады дæр куы ракура, уæд уый æнæуаг ми у. Æртæйæ дæр арты сыгъд æрцæуæнт, цæмæй уе 'хсæн хъахбайдзинад ма уа.
15Фосимæ чи æриу уа, уый мард æрцæуæд.
Фосы дæр-иу амарут. 16Сылгоймаг исты фосмæ куы бацæуа, цæмæй йемæ æриу уа, уый тыххæй, уæд-иу сылгоймаджы дæр æмæ фосы дæр амарут. Сæ дыууæ дæр мард æрцæуæнт. Сæ мæлæты сæхæдæг уыдзысты аххосджын.
17Исчи йæ хойы куы ракура, иу фыд кæнæ
иу мадæй гуырд кæимæ у, ахæмы æмæ йемæ куы æрæмуат уа, уæд уый стыр худинаг у, æмæ сæ дыууæ дæр мард æрцæуæнт адæмы раз æмæ сæ адæмæй фæхъæуæнт. Йæ хоимæ æмуат кæй æрцыд, уымæ гæсгæ хъуамæ æфхæрд бааййафа.
18Исчи сылгоймагимæ йе 'рвылмæйон
тугцыды рæстæг æмуат куы 'рцæуа, уæд ын уымæй раргом кæндзæн йæ тугцыд; сылгоймаг дæр афтæмæй æвдисы йæ тугцыд, æмæ сæ дыууæйы дæр амардзысты, сæ адæмы 'хсæнæй фæхъæудзысты.
19Йæ мады хо кæнæ йæ фыды хоимæ æмуат
мачи æрцæуæд, уымæн æмæ йæ туг, йе стæг сты. Ахæм ми чи бакæна, уыдон дыууæйæ дæр азымджын уыдзысты.
20Йæ фыды 'фсымæры усимæ æмуат чи
æрцæуа, уый йæ фыды 'фсымæры фегад кæндзæн. Сæ дыууæ дæр сæ тæригъæды аххосæй æфхæрд бааййафдзысты — æнæзæнæгæй амæлдзысты.
21Исчи йе 'фсымæры усы куы ракура, уæд
уый æлгъаг ми у. Йе 'фсымæры фегад кодта, æмæ æнæзæнæгæй баззайдзысты.
22Мæ уагæвæрдтæ æмæ Мын Мæ амындтытæ иууылдæр æххæст кæнут, æмæ уæд, цæрынмæ уæ цы зæхмæ кæнын, уый уæ нæ раппардзæн йæхицæй. 23Уæ цурæй уын
цы адæмты сурын, уыдоны æгъдæуттæ ма бафæзмут. Уыдон æппæт уыдæттæ кæй кодтой, уый тыххæй сæм Мæ маст рафыхти.
24Сымахæн та загътон: „Сæ зæхх сын уæхи
бакæндзыстут. Æхсыр æмæ мыд кæцæй хъарынц, уыцы зæхх уын исбонæн ратдзынæн. Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау, иннæ адæмтæй уæ Чи фæхицæн кодта, Уый.
25Сыгъдæг цæрæгойтæ æмæ мæргъты хицæн кæнут æнæсыгъдæг цæрæгойтæ æмæ мæргътæй. Æнæсыгъдæгыл нымайын уын кæй бафæдзæхстон, уыдонæй уæхи ма фæчъизи кæнут: нæдæр цæрæгойтæй, нæдæр мæргътæй, нæдæр хилæгойтæй. 26Уаз ут Мæ
разы, уымæн æмæ Æз, Дунедарæг, уаз дæн. Æз уæ иннæ адæмтæй фæхицæн кодтон, цæмæй уат Мæн.
27Нæлгоймаг æви сылгоймаг уа, мæрдтæм куы сидой кæнæ дæсны куы фæрсой, уæд мард æрцæуæнт: дурты бын-иу сæ фæкæнæнт. Сæ мæлæты сæхæдæг уыдзысты аххосджын“».

**21** Дунедарæг Моисейæн загъта: «Фехъусын кæн сауджынтæн — Аарон æмæ йæ фырттæн: сауджын йæхи йæ хæстæджы мардмæ баввахс кæнынæй ма фæчъизи кæнæд, 2хæрз
хион — мад, фыд, фырт, чызг, æфсымæр
3кæнæ, нырма йемæ иу хæдзары чи цæры,
ахæм æнæмойгонд хо ма уæд, уый йеддæмæ. 4Иннæ хæстæджытæй йын йæхи никæй
тыххæй фæчъизи кæнæн ис.
5Сауджынтæн сæ сæр дасын, сæ зачъетæ
цыбыр кæнын æмæ сæ буар лыгтæ кæнын не 'мбæлы. 6Уаз уæнт сæ Хуыцауы раз æмæ сæ Хуыцауы ном ма фæчъизи кæнæнт, уымæн æмæ уыдон хæссынц нывæндтæ Дунедарæгæн, хойраг — сæ Хуыцауæн, æмæ хъуамæ уой уаз.
7Сауджын ма ракурæд хæтаг, чи фæчъизи
ис кæнæ йæ лæгæй чи ахицæн ис, ахæм сылгоймаджы, уымæн æмæ уаз у Хуыцауы раз.
8Сауджыны уазыл нымай, уымæн æмæ
уый хæссы хойраг дæ Хуыцауæн. Сауджынмæ уазы цæстæй кæс, уымæн æмæ Æз Дунедарæг дæн, сымах уаз Кæй фæрцы стут, Уый.
9Сауджыны чызг хæтынæй куы фæчъизи
уа, уæд йæ фыды æгад кæны, æмæ йæ арты басудзын хъæуы.
10Йе 'рвад-æфсымæрты 'хсæн хистæр цы
сауджын у — йæ сæрыл сæрдæн сой уагъд кæмæн æрцыд æмæ уаз чи сси, уаз дарæс дарыны бар кæмæн ис, уымæн не 'мбæлы йæ сæрыхъуынтæ уæгъдæй хæссын, стæй йæ дарæс фæйнæрдæм рæдувын. 11Мард
адæймаг кæм уа, уырдæм ма бацæуæд: суанг йæ мад æмæ йæ фыды тыххæй дæр ын йæхи фæчъизи кæнæн нæй. 12Йæ Хуыцауы
Уаз Цæрæнæй дæр-иу ма рацæуæд æмæ йæ уымæй ма фæчъизи кæнæд, уымæн æмæ йæ сæрдæн сойæ снывонд чындæуыд йæ Хуыцауæн. Æз — Дунедарæг.
13Алчер хъуамæ æрмæстдæр æнæцыд чызг
ракура. 14Нæй йын ракурæн нæдæр идæдзы,

нæдæр уагъд, хæтаг кæнæ, чи фæчъизи ис,
ахæм сылгоймаджы. Йæ бон ракурын у æр-
мæстдæр æнæцыд чызджы йæхи мыггагæй.
15 Науæд йæ байзæддæгты йæ мыггаджы
’хсæн фæчъизи кæндзæн. Æз Дунедарæг дæн,
уаз Кæй фæрцы у, Уый».
16 Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста, цæ-
мæй Ааронæн загъа: 17 «Фæлтæрæй-фæлтæр-
мæ дæ байзæддæгтæй истæмæй сахъат чи
уа, уый нывæндтæ ма хæссæд йæ Хуыцауæн.
18 Иу сахъат дæр нывондхæссæнмæ хæстæг
ма бацæуæд: нæдæр куырм, нæдæр къуылых,
нæдæр, æнахъинон цæсгом кæмæн ис, уый,
нæдæр, цæнкуыл чи у, 19 нæдæр, йæ къах
кæнæ йæ къух саст кæмæн у, ахæм, 20 нæдæр
къуыпсин, нæдæр дæлæмæдзыд, нæдæр урс-
цæст, нæдæр хæлмагджын, нæдæр уыдырн-
джын, нæдæр дзæдæл. 21 Aароны байзæддæг-
тæй истæмæй сахъат чи уа, уыдонæй иуæн
дæр Дунедарæгæн нывæндтæ хæссæн нæй.
Сахъатæн Дунедарæджы нывондхæссæнмæ
хойраг хæссын не ’мбæлы. 22 Йæ Хуыцауы
номыл хаст хойрагæй, иууылуаз æмæ йын
уаз хуынтæй хæрыны бар ис. 23 Æрмæст-иу
ма бацæуæд æмбæрзæнмæ, ма баввахс уæд
нывондхæссæнмæ, уымæн æмæ сахъат у.
Мæ Уаз Цæрæн Мын ма фæчъизи кæнæд. Æз
Дунедарæг дæн, уаз Кæй фæрцы сты, Уый».
24 Моисей уыцы ныхæстæ фехъусын код-
та Аарон æмæ йæ фырттæн, стæй æппæт
израилæгтæн.

**22** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2 «Фехъу-
сын кæн Аарон æмæ йæ фырттæн: израилæг-
тæ Хуыцауæн цы кувинæгтæ ’рбахæссынц,
уыдонимæ арæхстгай архайут, Мæ уаз ном
Мын ма фегад кæнут. Æз Дунедарæг дæн.
3 Фæлтæрæй-фæлтæрмæ израилæгтæ Дуне-
дарæгæн цы кувинæгтæ хæссынц, уыдонмæ
уæ байзæддæгтæй æнæсыгъдæгæй исчи куы
бавнала, уæд æй Æз фесафдзынæн, нал æр-
лæудзæн Мæ разы. Æз — Дунедарæг.
4 Aароны байзæддæгтæй хъотырæй рын-
чын чи уа кæнæ йæ цъæй кæмæн миза, уый
кувинæгтæй ма хæрæд, цалынмæ ссыгъдæг
уа, уæдмæ. Мардыл бандзæвынæй цы дзаума
фæчъизи ис, ууыл чи бандзæва, йæ мыг йæхи
’гъдауæй кæмæн акæла, 5 исты æнæсыгъдæг
хилæгой кæнæ æнæсыгъдæг адæймагыл чи
бандзæва (цавæрфæнды æнæсыгъдæгдзинад
дæр уæд), 6 — уыдæттæй истæуыл чидæрид-
дæр бандзæва, уый изæрмæ æнæсыгъдæг
уыдзæн. Цалынмæ йæхи нæ цынайа, уæд-
мæ йын кувинæгтæй хæрыны бар нæй. 7 Хур
куы анигуыла, уæд ссыгъдæг уыдзæн, æмæ
уæд йæ бон уыдзæни кувинæгтæй бахæрын,
уымæн æмæ уый йæ хойраг у.
8 Aароны байзæддæгтæй хæдмæл фыд
кæнæ, сырдтæ кæй ныттыдтой, ахæм цæ-
рæгойы фыд мачи бахæрæд — фæчъизи уы-
дзæн. Æз Дунедарæг дæн. 9 Мæ уагæвæрдтæ
Мын æххæст кæнæнт, цæмæй тæригъæды
ма бацæуой æмæ ма амæлой, сæхи сыл кæй
атигъ кодтой, уый тыххæй. Æз Дунедарæг
дæн, уаз Кæй фæрцы сты, Уый.
10 Æддагон ма бахæрæд кувинæгтæй: нæ-
дæр сауджынæн йæ уазæг, нæдæр йе ’хху-
ырст. 11 Фæлæ, сауджын æлхæнгæ кæй ба-
кæна, уымæн йæ бон у кувинæгтæй хæрын.
Сауджыны хойрагæй хæрын æмбæлы, йæ
хæдзары чи райгуыра, уыцы цагъарæн дæр.
12 Сауджыны чызг, сауджынты мыггагæй чи
нæу, ахæммæ куы смой кæна, уæд ын куви-
нæгтæй хæрыны бар нæ уыдзæн. 13 Фæлæ
идæдзæй куы баззайа кæнæ йæ лæгæй куы
ахицæн уа æмæ, цот ын нæ рацыди, афтæ-
мæй фæстæмæ йæ цæгатмæ куы раздæха,
уæд ын йæ фыды хойрагæй хæрыны бар уы-
дзæн. Æддагæттæй дзы мачи фæхъæстæ уæд.
14 Кувинагæй æнæбары чи бахæра, уый-иу
сауджынæн уыцы кувинаджы аргъ бафи-
дæд, ноджы ма-иу æм йæ аргъы фæндзæм
хай дæр бафтауæд. 15 Сауджынтæ дæр-иу,
израилæгтæ Дунедарæгæн цы уаз хуынтæ
æрбахæссынц, уыдон ма фæчъизи кæнæнт.
16 Ма дзы хæрæнт, ма бацæуæнт тæригъæды,
науæд сæ азым фидинаг фæуыдзæн. Æз
Дунедарæг дæн, уаз Кæй фæрцы сты, Уый».
17 Дунедарæг Моисейæн загъта: 18 «Фехъу-
сын кæн Аарон æмæ йæ фырттæн, стæй æп-
пæт израилæгтæн: Израилы адæмæй кæнæ се
’хсæн цæрæг æрцæуæггæгтæй исчи сомыйы
фæдыл кæнæ барвæндæй Дунедарæгæн иу-
уылсудзинаг нывонд куы хæсса, 19 уæд, цæ-
мæй Хуыцауы зæрдæ балхæна, уый тыххæй
йæ нывонд хъуамæ уа æнæсахъат æмæ нæл:
гал, фыр кæнæ цæу. 20 Сахъат фос нывондæн
ма хæссут, уымæн æмæ барст нæ уыдзæн.
21 Исчи сомыйы фæдыл кæнæ йæ зæрдæйы
фæндонмæ гæсгæ стурвосæй кæнæ лыстæг
фосæй фидыды нывонд куы хæсса Дунеда-
рæгæн, уæд, цæмæй барст æрцæуа, уый тых-
хæй равзарæд æнæсахъат фос, иу аипп дæр
кæмæ нæ уа, ахæм. 22 Куырм, сахъат кæнæ
уæнгсаст чи у, хæфдзæстытæ, хæлмаг кæнæ
уыдырн кæуыл ис, ахæм фос Дунедарæгæн
ма хæссут арты нывондæн, ма сæ æвæрут
Дунедарæджы нывондхæссæныл. 23 Стур
кæнæ фысæн йæ къæхтæ æгæр даргъ кæнæ
æгæр цыбыр куы уой, уæд æй ис æрхæссæн

бархийы нывондæн. Сомыйы нывондæн
æй нæй æрхæссæн, уымæн æмæ барст нæ
уыдзæн. 24Йæ хъæппытæ цъæл, пырх, тынд
кæмæн сты кæнæ æрдызт чи у, ахæм фос-иу
Дунедарæгæн нывондæн ма хæссут. Ахæм
ми ма бакæнут уæ зæххыл. 25Æцæгæлæт-
тæй дæр ма райсут ахæм фос уæ Хуыцауæн
нывондæн æрхæссынæн. Сахъат кæй сты
æмæ сæм аиппытæ кæй ис, уымæ гæсгæ
барст нæ уыдзысты».
26Дунедарæг Моисейæн загъта: 27«Ног-
зад род, уæрыкк кæнæ сæныччы авд боны
ныууадзын хъæуы йæ мадимæ, æстæм бо-
нæй фæстæмæ йæ Дунедарæгæн нывондæн
æрхæссын æмбæлы. 28Хъуг кæнæ фысы йæ
род кæнæ йæ уæрыккимæ уыцы иу бон ма
æргæвдут.
29Дунедарæгæн арфæйы нывонд куы хæс-
сат, уæд æй æрхæссут афтæ, цæмæй барст
уа. 30Бахæрын æй хъæуы тæккæ уыцы бон,
райсоммæ дзы мацы ныууадзут. Æз Дуне-
дарæг дæн.
31Мæ фæдзæхстытæ Мын æххæст кæнут.
Æз Дунедарæг дæн. 32Мæ уаз ном Мын ма
фегад кæнут, уазыл Мæ нымайæнт израи-
лæгтæ. Æз Дунедарæг дæн, сымах уаз Кæй
фæрцы стут, Уый. 33Æз уæ ракодтон Мы-
сыры зæххæй, цæмæй уон уæ Хуыцау. Æз
Дунедарæг дæн».

**23** Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхста,
2цæмæй израилæгтæн зæгъа: «Мæнæ — Ду-
недарæджы бæрæгбæттæ, æмæ-иу хъуамæ
уазæмбырдтæ скæнат. Уыцы бонтæ снысан
кодтон Мæхæдæг.
3Æхсæз боны кусут, æвдæм бон та æн-
цойбон у — сабат, уыцы бон-иу уазæмбырд
скæнут. Мацы-иу бакусут, кæмфæнды куы
цæрат, уæд дæр: уый Дунедарæджы сабат у.
4Мæнæ Дунедарæджы бæрæгбæттæ, уа-
зæмбырдтæ. Бæрæг кæнын сæ хъæуы бæл-
вырд афонты.
5Фыццаг мæйы цыппæрдæсæм бон, дыу-
уæизæрастæу — Дунедарæджы Куадзæн.
6Уыцы мæйы фынддæсæм бон та райдайы
Донгонд дзулты бæрæгбон, Дунедарæджы
кадæн. Авд боны дæргъы хæрут донгонд
дзултæ. 7Фыццаг бон-иу уазæмбырд скæ-
нут, мацы-иу бакусут. 8Авд боны дæргъы
Дунедарæгæн нывæндтæ хæссут, æвдæм
бон та уазæмбырд скæнут: мацы-иу бакусут».
9Дунедарæг Моисейæн загъта: «Фехъусын
кæн израилæгтæн, зæгъ сын: 10кæй уын
дæттын, уыцы зæхмæ куы бацæуат æмæ
уым уæ хуымтæ куы æркæрдат, уæд-иу уæ
хоры фыццаг куырис æрбахæссут сауджын-
мæ. 11Уый-иу уыцы куырис Дунедарæджы
раз хæрдмæ сисæд, цæмæй Дунедарæджы
зæрдæ балхæна. Сабаты фæстæ-иу æй дык-
каг бон сисæд.
12Куырис сисыны бон-иу Дунедарæгæн иу-
уылсудзинаг нывондæн æрхæссут æнæсахъат
фыргуист. 13Ноджы ма Дунедарæгæн арты
нывондæн, æхцон хæрздæфæн, æрбахæссут
хойраджы хуын — сойамæст æвзаргæ мæ-
нæуы ссад, ефæйы дыууæ дæсæймаг хайы,
стæй гины цыппæрæм хай сæн. 14Мадæр дзул,
мадæр цæкуытæ, мадæр хъуыдыды нартхор
бахæрут, цалынмæ уæ Хуыцауæн иууылсу-
дзинаг нывонд æрбахæссат, уæдмæ. Уый уын
уыдзæни мыггагмæйы уагæвæрд, фæлтæ-
рæй-фæлтæрмæ, кæмдæриддæр цæрат, уым.
15Сабаты, куырис хæрдмæ сисыны фæстæ
цы бон уа, уымæй анымайут авд æнæхъæн
къуырийы. 16Фæндзайæм бон-иу, æвдæм са-
баты фæстæ, Дунедарæгæн уæ ног тыллæгæй
хойраджы хуын æрбахæссут. 17Кæмдæрид-
дæр цæрат — хæрдмæ сисынæн-иу æрбахæс-
сут дыууæ дзулы. Хъуамæ конд уой æвзаргæ
мæнæуы ссадæй — ефæйы дыууæ дæсæймаг
хайæ, æнхъызт хыссæйæ — уæ хоры сæ-
рæй Дунедарæгæн хуын. 18Уыцы дзултæй
уæлдай ма-иу æрбакæнут авд æнæсахъат
фыргуисты, стæй иу гал æмæ дыууæ фыры.
Уыдон уыдзысты иууылсудзинаг нывæндтæ
Дунедарæгæн, хойраджы хуын æмæ сæни-
мæ — Дунедарæгæн арты нывондæн, æхцон
хæрздæфæн. 19Ноджы ма-иу тæригъæды
нывондæн æрхæссут цæу, дыууæ фыргуисты
та — фидыды нывондæн. 20Сауджын-иу дыу-
уæ фыргуисты Дунедарæджы раз хæрдмæ
сисæд хоры сæртæй конд дзултимæ. Уыдон
уыдзысты Дунедарæджы уаз хай, сауджы-
ны хай. 21Тæккæ уыцы бон-иу уазæмбырд
скæнут, мацы-иу бакусут. Уый уын уыдзæ-
ни мыггагмæйы уагæвæрд, кæмдæриддæр
цæрат, уым, фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
22Уæ тыллæг куы æфснайат, уæд-иу уæ
хуымты кæрæттæ ма ныккæрдут, тыллæгæй
ма хуымы цы ’фсиртæ баззайа, уыдон дæр ма
æруидзут, мæгуыр æмæ æрцæуæггагæн сæ
ныууадзут. Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау».
23Дунедарæг Моисейæн загъта: 24«Израи-
лæгтæн фехъусын кæн: æвдæм мæйы фыццаг
бон уын уæд æнцойбон, сыкъауадындзты
уаст-иу уазæмбырдмæ фæсидæд. 25Мацы-
иу бакусут, Дунедарæгæн-иу нывæндтæ
æрхæссут».
26Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхс-
та: 27«Æвдæм мæйы дæсæм бон уыдзæни

Тæригъæдтæ ныббарыны бон, æмæ-иу уазæм-
бырд скæнут: ком дарут æмæ-иу Дунедарæгæн
арты нывæндтæ æрхæссут. 28Мацы-иу бакусут
уыцы бон, уымæн æмæ уый у Тæригъæдтæ
ныббарыны бон. Дунедарæджы, уæ Хуыцауы
раз, уыцы бон сæххæст вæййы уæ тæригъæд-
тæ ныббарыны æгъдау. 29Уыцы бон ком чи нæ
дара, уый йæ адæмæй фæхъæудзæн. 30Уыцы
бон исты чи бакуса, уый йæ адæмæй фæхъæу-
дзæн. 31Мацы-иу бакусут. Уый уын уыдзæни
мыггагмæйы уагæвæрд, фæлтæрæй-фæл-
тæрмæ, кæмдæриддæр цæрат, уым. 32Сабатау
æнцойбон у уый сымахæн, æмæ-иу ком дарут.
Уыцы мæйы фарæстæм боны изæрæй дыккаг
боны изæрмæ бæрæг кæнут æнцойбон».

33Дунедарæг Моисейæн загъта: «Израилæг-
тæн фехъусын кæн: 34æвдæм мæйы фынд-
дæсæм бонæй фæстæмæ авд боны дæргъы
уыдзæни Халагъудты бæрæгбон — Дунеда-
рæджы кадæн. 35Фыццаг бон-иу уазæмбырд
скæнут, мацы-иу бакусут. 36Авд боны дæр-
гъы Дунедарæгæн хæссут нывæндтæ. Æстæм
бон-иу уазæмбырд скæнут, Дунедарæгæн
арты нывæндтæ æрхæссут. Уый у бæрæгбоны
фæстаг бон, мацы-иу бакусут.

37Адон сты Дунедарæджы бæрæгбæттæ.
Уыцы бонты хъуамæ кæнат уазæмбырдтæ,
Дунедарæгæн хæссат иууылсудзинæгтæ,
хойраджы хуынтæ æмæ нывæндтæ сæнимæ,
уыцы бонты куыд æмбæлы, афтæ. 38Æппæт
уыдæттæ кæнут, сабаттæй — Дунедарæджы
бонтæй, стæй уе 'ппæт лæвæрттæй, ардба-
хæрд æмæ бархийы нывæндтæй уæлдай.

39Æвдæм мæйы фынддæсæм бонæй, уæ
тыллæг æфснайд куы фæуат, уыцы бонæй
фæстæмæ-иу авд боны дæргъы бæрæг кæнут
Дунедарæджы бæрæгбон. Фыццаг бон дæр
æмæ æстæм бон дæр уын уæнт æнцойбонтæ.
40Фыццаг бон-иу райсут уæ бæлæсты хуыз-
дæр дыргътæй, стæй пальмæтæ, сыфтæр-
джын бæлæстæ æмæ донхæристы къалиутæ;
авд боны дæргъы цин кæнут Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы раз. 41Уыцы бæрæгбон, Дуне-
дарæджы бæрæгбон, æрвылаз дæр бæрæг
кæнут æвдæм мæйы — авд боны дæргъы.
Уый уын уыдзæни мыггагмæйы уагæвæрд,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ; æвдæм бон-иу бæ-
рæг кæнут уыцы бæрæгбон.

42Авд боны дæргъы-иу халагъудты цæрут.
Израилы алы бынæттон цæрæг дæр уыцы
бонты цæрæд халагъуды, 43цæмæй фæлтæ-
рæй-фæлтæрмæ уæ байзæддæгтæ зоной, Æз
израилæгты Мысыры зæххæй куы ракодтон,
уæд сæ халагъудты кæй æрцæрын кодтон,
уый. Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау».

44Моисей израилæгтæн фехъусын кодта
Дунедарæджы бæрæгбæтты тыххæй.

**24** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Израи-
лæгтæн бафæдзæхс, цæмæй дын оливæйы
сой æрбахæссой цырагъæн — сыгъдæг, къу-
хæй лæмæрст чи у, ахæм, цæмæй цырагъ
кæддæриддæр судза. 3Аарон-иу йæ хъус
дарæд, цæмæй Дунедарæджы раз, Фембæл-
ды Цатыры, Фидыды Чырыны мидæмбæр-
зæны æдде, изæрæй райсоммæ цырæгътæ
ма ахуыссой, уымæ. Уый уын уыдзæни мыг-
гагмæйы уагæвæрд, фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
4Дунедарæджы раз сыгъдæг сыгъзæринæй
конд цырагъдарæныл цы цырæгътæ ис, уы-
донмæ-иу æдзухдæр йæ хъус дарæд.

5Райс æвзаргæ мæнæуы ссад æмæ дзы
сфыц дыууадæс тæнæг дзулы, алы дзулыл
дæр ссад ефæйы дыууæ дæсæймаг хайы ку-
ыд ацæуа, афтæ. 6Дунедарæджы раз-иу сæ
сыгъдæг сыгъзæринæй конд фынгыл дыууæ
рæнхъæй æрæвæр, алы рæнхъы дæр æхсæз
дзулы куыд уа, афтæ. 7Алы рæнхъæн дæр-иу
йæ фарсмæ æрæвæр сыгъдæг буд, хуын иу-
уылдæр Дунедарæджы кæй у, уый нысанæн,
арты нывондæн. 8Дунедарæджы раз сæ æвæ-
рын хъæуы алы сабаты дæр, æдзухдæр. Уый
у мыггагмæйы фæдзæхст израилæгтæн. 9Уы-
дон уыдзысты Аарон æмæ йæ байзæддæгты
хай. Хæрдзысты сæ уаз бынаты, уымæн æмæ
уый у иууылсыгъдæг, Дунедарæджы номыл
хаст кувинæгты æхсæн уый сæ хай у».

10-11Израилæгты рæсæнуаты уыдис иу лæг,
йæ мад — израилаг, йæ фыд — мысыраг. Йæ
мад Шеломит уыди Даны хæдзарвæндагæй,
Диврийы чызг. Уыцы лæг фæхыл ис æндæр
израилагимæ æмæ фаудта Дунедарæджы
ном. 12Ахæстоны йæ дардтой æмæ æнхъæл-
мæ кастысты Дунедарæджы уынаффæмæ.

13Дунедарæг Моисейæн загъта: 14«Уыцы
фауæджы рæсæнуатæй æддæмæ ракæн.
Чидæриддæр æй фехъуыста, уыдон ын сæ
къухтæ йæ сæрыл æрæвæрæнт æмæ йæ адæм
дурты бын фæкæнæнт. 15Израилæгтæн загъ:
„Йæ Хуыцауы чидæриддæр ралгъита, уый йæ
тæригъæды тыххæй æфхæрд баййафдзæн.
16Дунедарæджы ном чи рафауа, уый мард
æрцæуæд: адæм-иу æй иумæ дурты бын
фæкæнæнт. Æрцæуæггаг æви бынæттон
цæрæг уа, — Дунедарæджы ном чи рафауа,
уый хъæуы амарын.

17Адæймаджы чи амара, уый мард æр-
цæуæд. 18Искæй фосæй чи амара, уый йæ

**23:39** Ома «Халагъудты бæрæгбон».

бафидæд, сæр сæры ныхмæ. 19Йæ адæмæй
искæй чи фæсахъат кæна, уымæн йæхицæн
дæр афтæ бакæнын хъæуы: 20стæгсасты
ныхмæ — стæгсаст, цæст — цæсты ныхмæ,
дæндаг — дæндаджы ныхмæ. Искæй куыд
фæсахъат кодта, афтæ йын йæхи дæр хъæ-
уы фæсахъат кæнын. 21Фос чи амара, уый
йæ бафидæд, адæймаджы чи амара, уый та
мард æрцæуæд. 22Æрцæуæггагæн дæр æмæ
бынæттон цæрæгæн дæр уæм иу æгъдау уæд,
уымæн æмæ Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау“».
23Моисей уыдæттæ израилæгтæн радзырд-
та, æмæ уыдон бакодтой, Дунедарæг Моисе-
йæн куыд бафæдзæхста, афтæ: æлгъитæджы
рæсæнуатæй æддæмæ ракодтой æмæ йæ
дурты бын фæкодтой.

**25** Дунедарæг Синайы хохыл Моисейæн
загъта: «Фехъусын кæн израилæгтæн: 2кæй
уын дæттын, уыцы зæхмæ куы бацæуат, уæд-
иу алы æвдæм аз дæр уыцы зæххыл мацы
кусут, уымæн æмæ уый Дунедарæджы сабат
у. 3Æхсæз азы дæргъы уæ хуымтæ таут æмæ
уæ сæнæфсиртæ ’хсæдут — уæ зæххы бæркад
æфснайут, 4æвдæм аз та зæххæн уæд сабаты
æнцой, Дунедарæджы сабат. Уæ хуымтæ-
иу ма байтаут æмæ-иу уæ сæнæфсиртæ ма
бахсæдут. 5Уæ хуымты йæхи ’гъдауæй цы
æрзайа, уыдон-иу ма æркæрдут; кæй нæ
бахсæстой, уыцы сæнæфсиры цупæлттæ
дæр-иу ма æртонут. Уыцы аз уæд æнцойы
аз зæххæн. 6Сабаты аз зæххыл цыдæриддæр
æрзайа, уый уыдзæни уæ хойраг — уæхицæн,
уæ цагъар нæлгоймæгтæн æмæ уæ цагъар
сылгоймæгтæн, уе ’ххуырстытæн, уе ’хсæн
цæрæг æрцæуæггæгтæн, 7уæ фосæн æмæ, уæ
зæххыл хъæддаг сырдæй цы ис, уыдонæн.
8Анымайут авд хатты авд азы, æдæппæ-
тæй авд авды куыд уой. Æмæ сабаты азтæй
авд куы рацæуа — фараст æмæ дыууиссæдз
азы, 9уæд æвдæм мæйы дæсæм бон, Тæ-
ригъæдтæ ныббарыны бон, уæ бæстæйы
сыкъауадындзтæй уасут 10æмæ афтæмæй
фæндзайæм аз банымайут уазыл. Уæ зæх-
хыл-иу алкæмæн дæр фехъусын кæнут, сæ-
рибар сын лæвæрд кæй цæуы, уый. Уыцы аз
уын уыдзæни Æрдæгсæдæйон аз, алчидæр
уæ хъуамæ раздæха йæ зæххы хаймæ, йæхи
мыггагмæ. 11-12Уыцы аз-иу мацы байтаут, уæ
хуымты йæхи ’гъдауæй цы æрзайа, уыдон-иу
ма æркæрдут, кæй нæ бахсæстой, уыцы сæ-
нæфсиры цупæлттæ-иу ма æртонут, уымæн
æмæ фæндзайæм аз у Æрдæгсæдæйон аз,
уазыл æй нымайут. Æрмæстдæр уæ хуымты
йæхи ’гъдауæй цы ’рзайа, уыдон-иу хæрут.
13Æрдæгсæдæйон азы-иу алчидæр фæстæ-
мæ йæ зæххы хаймæ раздæхæд. 14Де ’фсы-
мæрæн, израилагæн, зæхх куы уæй кæнай
кæнæ дзы куы æлхæнай, уæд-иу кæрæдзийы
ма сайут. 15Зæхх дзы куы æлхæнай, уæд-иу
банымай, Æрдæгсæдæйон азы фæстæ цал
азы рацыди, уый. Зæхх дын чи уæй кæна,
уый дæр банымайæд, Æрдæгсæдæйон азы
’рцыдмæ уыцы зæххæй тыллæг цал азы исæн
уыдзæн, уый. 16Уыцы азтæ цас фылдæр уой,
уыйас зæххæн йæ аргъ фылдæр уæд, цас
къаддæр уой, уыйас та — къаддæр, уымæн
æмæ дын уæй кæны æрмæстдæр уал азы
тыллæг. 17Уæ кæрæдзи-иу ма сайут, фæлæ
тæрсут уæ Хуыцауæй. Æз Дунедарæг дæн,
уæ Хуыцау. 18Æххæст Мын кæнут Мæ уагæ-
вæрдтæ æмæ Ме ’гъдæуттæ, æмæ уæд ацы
зæххыл æдасæй цæрдзыстут. 19Зæхх уын йæ
бæркад дæтдзæн, æмæ æфсæст уыдзыстут.
20Сымах бафæрсдзыстут: „Куы ницы бай-
тауæм æмæ тыллæг куынæ æрæмбырд кæ-
нæм, уæд æвдæм аз цы хæрдзыстæм?“ 21Æз
уын æхсæзæм аз раарфæ кæндзынæн, æмæ
уæ зæхх æртæ азы бæркад ратдзæн. 22Æс-
тæм аз байтаудзыстут уæ хуымтæ, хæргæ та
нырма кæндзыстут уæ раздæры тыллæгæй.
Цалынмæ фарæстæм азы тыллæг æрзайа,
уæдмæ уын фаг уыдзæн.
23Зæхх мыггагмæ ауæй кæнæн нæй, уы-
мæн æмæ уый Мæн у, сымах та стут, Мæ
зæххыл чи æрцард, ахæм æрцæуæггæгтæ.
24Зæхх куы æлхæнат, уæд хъуамæ бар раттат
фæстæмæ йæ балхæнынæн. 25Де ’фсымæр,
израилаг, куы смæгуыр уа æмæ йæ зæххы
хай куы ауæй кæна, уæд-иу йæ хæстæгдæр
къабæзтæй исчи æрбацæуæд æмæ йын йæ
зæхх фæстæмæ балхæнæд. 26Чи йæ балхæна,
ахæм къабаз ын куынæ разына, фæлæ фæс-
тæдæр йæхæдæг куы схъæздыг уа æмæ йæ
балхæнынхъом куы суа, 27уæд-иу анымайæд,
йæ зæхх ауæй кæнынæй цал азы рацыди,
уый æмæ æлхæнæгæн, цы азтæ ма баззади,
уыдоны аргъ бафидæд. Уæд фæстæмæ йæ
зæххы хаймæ раздæхын йæ бон суыдзæн.
28Кæд æмæ уыцы аргъ бафидыны фаг не суа,
уæд та, кæй ауæй кодта, уыцы зæхх Æрдæг-
сæдæйон азмæ баззайдзæн, чи йæ балхæдта,
уый къухы. Уыцы аз, чи йæ балхæдта, уый
уыцы зæххы хай суæгъд кæндзæн, æмæ,
чи йæ ауæй кодта, фæстæмæ уый исбонмæ
раздæхдзæн.
29Исчи быруйæ æхгæд сахары йæ хæдзар
куы ауæй кæна, уæд ын, йæ ауæй кæнынæй
цалынмæ афæдз нæ рацæуа, уæдмæ фæс-
тæмæ балхæнæн уыдзæн. Уыцы рæстæджы

дæргъы йын балхæнæн уыдзæни. 30Афæдзы
кæронмæ, бырухгæд сахары цы хæдзар ис,
уый фæстæмæ ælхæд не ’рцыди, зæгъгæ,
уæд мыггагмæ суыдзæни йæ балхæнæджы,
стæй уымæн йæ байзæддæгты исбон; Æр-
дæгсæдæйон азы дæр нал суæгъд уыдзæн.
31Æнæбыру хъæуты цы хæдзæрттæ ис, уыдон
та нымад цæуынц зæххы хæйттыл: фæстæ-
мæ сын балхæнæн ис, Æрдæгсæдæйон азы сæ
суæгъд кæнын хъæуы. 32Фæлæ левиттæн сæ
сахарты кæддæриддæр бар ис сæ хæдзæрттæ
фæстæмæ балхæнынæн. 33Левитты саха-
ры цы хæдзар ауæй кæной, уый балхæнæн
ис, Æрдæгсæдæйон азы йæ суæгъд кæнын
хъæуы, уымæн æмæ, левитты сахарты цы
хæдзæрттæ ис, уыдон израилæгты ’хсæн сты
сæ исбон. 34Сæ сахарты раз цы сæрвæттæ ис,
уыдонæн та уæйгæнæн нæй, уымæн æмæ
мыггагмæ сæ исбон сты.

35Де ’фсымæр, израилаг, куы смæгуыр
уа, йæхи дарынхъом куынæуал уа, уæд-иу
æм фæкæс, æрцæуæггагмæ кæнæ, уе ’хсæн
рæстæгмæ чи ’рцæра, уымæ куыд фæкæсис,
афтæ. Уадз æмæ дарддæр цæра дæ разы.
36Пайдайы охыл дзы мацы ис, тæрс дæ Хуы-
цауæй. Уадз æмæ де ’фсымæр дæ разы цæра.
37Пайдайы охыл ын æхца æфстау ма ратт,
хойраг дæр ын пайдайы фæдыл ма ауæй кæн.
38Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау, Мысыры
зæххæй уæ Чи ракодта, Уый, цæмæй уын
раттон Ханааны зæхх æмæ уон уæ Хуыцау.

39Де ’фсымæр, израилаг, куы смæгуыр
уа æмæ дын йæхи куы ауæй кæна, уæд ыл
цагъары ’фсондз ма сæвæр. 40Æххуырст
кæнæ уе ’хсæн æрцæрæг æцæгæлоны цæс-
тæй йæм кæс, Æрдæгсæдæйон азы онг дæм
кусæд. 41Уый фæстæ йæ цотимæ аздæхæд
йæ мыггагмæ, йæ фыдæлты зæххы хаймæ.
42Израилæгтæ сты мæ лæггадгæнджытæ,
уымæн æмæ се ’ппæты дæр Æз ракодтон
Мысыры зæххæй; цагъартау сæ уæйгæнæн
нæй. 43Æгъатыр хицау сын ма у, дæ Хуыца-
уæй тæрс.

44Дæ цагъар нæлгоймæгтæ æмæ дæ цагъар
сылгоймæгтæ, уæ алыварс цы адæмтæ ис,
уыдонæй уæнт, се ’хсæнæй сæ ælхæнут. 45Уе
’хсæн цы æрцæуæггæгтæ ис, уыдонæй, стæй
сæ бинонтæй — уæ зæххыл чи райгуырди,
уыдонæй дæр уын ælхæныны бар ис, æмæ
уыдзысты уæ исбон. 46Уæ бон сæ у уæ бай-
зæддæгтæн исбонæн ныууадзын, семæ уæхи,
куыд цагъартимæ, афтæ дарын, фæлæ уе
’фсымæртæн, израилæгтæн, карз хицæуттæ
ма ут. 47Израилæгты ’хсæн æрцæуæггагæй
чи ис, уый куы сбонджын уа, де ’фсымæр,
израилаг, та куы смæгуыр уа, æмæ йæхи
æрцæуæггагæн кæнæ уый мыггагæй искæ-
мæн куы ауæй кæна, 48уæд æй фæстæмæ
балхæнæн уыдзæн. Йæ хæстæджытæй йæ
искæмæн балхæныны бар уыдзæни: 49йæ фы-
ды ’фсымæр, йæ фыды ’фсымæры фырт кæнæ
та æндæр хион — тугхæстæг ын чи æййафы,
ахæмæн. Кæд йæхицæн йæ къух амона, уæд
та-иу йæхæдæг йæхи балхæнæд фæстæмæ.
50Йæ балхæнæгимæ-иу анымайæд, йæхи
йын куы ауæй кодта, уæдæй Æрдæгсæдæйон
азы онг цал азы рацыди, уый. Фидгæ та йын
хъуамæ бакæна, уал азы дæргъы æххуырс-
тæн цас бафыстæуы, уыйас. 51Кæд ма Æр-
дæгсæдæйон азмæ бирæ азтæ баззади, уæд
хъуамæ, цы аргъæй йæ балхæдæуыд, уымæн
йæ фылдæр хай бафида. 52Æрдæгсæдæйон
азмæ кæд бирæ нал баззад, уæддæр аныма-
йæд æмæ уыцы азтæм гæсгæ æмбæлгæ аргъ
бафидæд. 53Йæ балхæнæгæн, иу афæдзмæ
кæй баххуырсынц, уыцы кусæджы хуызæн
уæд; карз ма уæд йемæ. 54Фæстæмæ ælхæд
куынæ æрцæуа, уæд йæ цотимæ уæгъдгонд
æрцæудзæн Æрдæгсæдæйон азы, 55уымæн
æмæ израилæгтæ сты Мæ лæггадгæнджытæ,
Мысыры зæххæй кæй ракодтон, уыдон. Æз
Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау.

**26** Уæхицæн гуымирытæ ма аразут, хуы-
цаугæндтæ, табуйаг дурцæджындзтæ æмæ
нывæфтыд дуртæ ма æвæрут, цæмæй сæм
куват, уый тыххæй. Æз Дунедарæг дæн, уæ
Хуыцау. 2Æххæст Мын кæнут Мæ сабаты
уагæвæрдтæ æмæ кад кæнут Мæ Уаз Цæ-
рæнæн. Æз Дунедарæг дæн.

3Мæ уагæвæрдтæ æмæ Мын Мæ фæдзæхс-
тытæ æнувыдæй куы æххæст кæнат, 4уæд
уын афоныл æрвитдзынæн къæвдатæ, æмæ
уын зæхх дæтдзæни тыллæг, бæлæстæ та —
дыргътæ. 5Уæ найгæнæнтæ-иу суанг сæнæф-
сир тоныны афонтæм ахæццæ уыдзысты;
уæ сæнæфсир-иу тынд нæма фæуыдзæн,
афтæ-иу хортауæн афон ралæудзæн. Хойра-
гæй уыдзыстут æфсæст æмæ æдасæй цæр-
дзыстут уæ зæххыл.

6Уæ зæххæн уын сабырдзинад ратдзынæн:
куы-иу бафынæй уат, уæд уæ хъыгдарæг
нæ уыдзæн. Уæ зæххæй уын тугдзых сырд-
ты фæсурдзынæн, фыдгулы кардæй хызт
уыдзæни уæ бæстæ. 7Уæхæдæг уе знæгты
уæ разæй айсдзыстут æмæ сæ кардæй ныц-
цæгъддзыстут. 8Фондзæй-иу фæсурдзыстут
фондзыссæдзы, фондзыссæдзæй та — дæс
мины, уæ фыдгултæ-иу уæ карды амæттаг
бауыдзысты.

9Æз уыл ауддзынæн, зæнæгджын уæ скæн-
дзынæн, сбирæ уæ кæндзынæн æмæ, уемæ
цы фидыд сарæзтон, уый нæ фехалдзы-
нæн. 10Уæ хойраджы фæстауæрц-иу хæрд
нæма æрцæуздзæн, афтæ-иу уын калинаг
фæуыдзæн, уымæн æмæ-иу ног тыллæгæн
бынат суæгъд кæнын бахъæудзæн. 11Мæ цæ-
рæн æрæвæрдзынæн уе 'хсæн, æлгъ уыл нæ
кæндзынæн. 12Æз уе 'хсæн цæрдзынæн æмæ
уыдзынæн уæ Хуыцау, сымах та уыдзыстут
Мæ адæм. 13Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау,
Мысыры зæххæй уæ Чи ракодта, Уый, — цæ-
мæй мысырæгтæн цагъартæ мауал уат. Æз
уын уе 'фсондз ныссастон, цæмæй сæргуы-
бырæй ма цæуат.
14Фæлæ Мæм куынæ байхъусат æмæ уын
цыдæриддæр фæдзæхсын, уыдон куынæ
æххæст кæнат, 15Мæ уагæвæрдтыл Мын уæхи
куы атигъ кæнат æмæ Мын Мæ амындтытыл
æлгъ куы кæнат, уемæ кæй сарæзтон, уыцы
фидыд куы фехалат, 16уæд уын Æз мæнæ
цы бакæндзынæн: тарниз æмæ уыл тæвд-
низ бафтаудзынæн, уæ цæстыты рухс ба-
талынг уыдзæн, æмæ удхарæй мæлдзыстут.
Уæ хуымтæ-иу байтаудзыстут дзæгъæлы:
уæ фыдгултæ-иу бахæрдзысты уæ тыллæг.
17Мæ азары хай уæ бакæндзынæн, æмæ уыл
уе знæгтæ фæуæлахиз уыдзысты; æлдари-
уæг уын кæндзысты, æмæ уæ сургæ ничи
кæндзæн, афтæмæй лидздзыстут.
18Кæд мæм уый фæстæ дæр нæ байхъусат,
уæд уæ авд хатты карздæр бафхæрдзынæн
уæ тæригъæдты тыххæй. 19Æз уын басæтдзы-
нæн уæ сæрыстырдзинад, уæ сæрмæ уын арв
æфсæны хуызæн скæндзынæн, уæ къæхты
бын зæхх та — æрхуыйы 'нгæс. 20Бынтон
дзæгъæлы хардз кæндзыстут уæ хъару — уæ
зæххыл тыллæг нал æрзайдзæн, уæ бæлæстæ
дыргъ нал ратдзысты.
21Кæд ма уый фæстæ дæр Мæ ныхмæ
рацæуат æмæ Мæм нæ хъусат, уæд уæ авд
хатты тынгдæр бафхæрдзынæн уæ тæри-
гъæдты тыххæй. 22Хъæддаг сырдты уыл
бафтаудзынæн, æмæ уæ æнæ цотæй ныу-
уадздзысты, уæ фос уын ныццæгъддзыс-
ты. Афтæ уæ скуынæг кæндзысты, æмæ
уæ фæндæгтыл цæуæг нал уыдзæн. 23Кæд
ма уæм уый фæстæ дæр хуыздæр зонд не
'рцæуа æмæ та Мæ ныхмæ рацæуат, 24уæд
Æз дæр рацæудзынæн уæ ныхмæ æмæ уæ
авд хатты карздæр бафхæрдзынæн уæ тæ-
ригъæдты тыххæй. 25Мæ фидыд Мын кæй
фехæлдтат, уый тыххæй уæ карды амæттаг
бакæндзынæн. Уæ сахарты куы бамбæхсат,
уæд та уыл бафтаудзынæн емынæ, æмæ уе
знæгты къухтæм бахаудзыстут. 26Хойрагæй
уæ æнæхай фæкæндзынæн, уæ сылгоймæгтæ
дæсæй иу пецы дзул фыцдзысты. Тæразыл
барстæй уын дзул дæтдзысты, æмæ хæр-
дзыстут, фæлæ не 'фсæддзыстут.
27Уый фæстæ дæр ма Мæм куынæ байхъу-
сат æмæ та Мæ ныхмæ куы рацæуат, 28уæд
уæ, фыр мæстæй судзгæйæ, авд хатты карз-
дæр бафхæрдзынæн уæ тæригъæдты тых-
хæй. 29Уæ фырттæ æмæ чызджытæн сæ фыд
хæрынмæ 'рцæудзыстут. 30Уæ кувæн къуы-
быртæ уын ныппырх кæндзынæн, уæ буд-
судзæн нывондхæссæнтæ уын ныззыгуым
кæндзынæн; уæ мæрдтæ уын уæ гуымирыты
сæстытыл ныккалдзынæн æмæ уыл æлгъ
кæндзынæн. 31Уæ сахартæ уын хæлæттаг
фæкæндзынæн, уæ кувæндæттæ уын сафтид
кæндзынæн, уæ нывæндтæ уын нал айсдзы-
нæн æхцон хæрздæфæн. 32Уæ зæхх уын афтæ
сафтид кæндзынæн, æмæ йыл уе знæгтæй чи
æрцæра, уыдон ныккæрздзысты. 33Сымах та
адæмты 'хсæн ныххæлиу кæндзынæн æмæ
уæ кардимæ сурдзынæн. Сафтид уыдзæн
уæ зæхх, уæ сахартæ хæлддзæгты кæритæ
фестдзысты. 34-35Уæд зæхх йæ сабаты азтæ
баххæст кæндзæн. Цалынмæ гæныстонæй
лæууа, сымах та уе знæгты зæххыл цæрат,
уæдмæ зæхх, йæ афоныл цы нæ баулæфыд,
уый баулæфдзæн, æмæ уæд баххæст уы-
дзысты йæ сабаты азтæ.
36-37Чи ма уæ аирвæза, уыдонæн знаджы
зæххытыл сæ зæрдæты ахæм тас бауадздзы-
нæн, æмæ-иу сыфтæры сыбар-сыбурæй дæр
лидзæг фæуыдзысты, раст сæм цыма кардæй
æвзидынц, уыйау. Фæсте сæ ничи сурдзæн,
афтæмæй ахаудзысты зæххыл.
38Æцæгæлон адæмты 'хсæн бабын уыдзыс-
тут, уæ фыдгулты зæхх уæ аныхъуырдзæн.
39Чи ма уæ аирвæза, уыдон та фыдгулты зæх-
хытыл уæлхъæдæй бамбидзысты, сæхи æмæ
сæ фыдæлты тæригъæдты тыххæй. 40Æмæ
уæд басæтдзысты сæхи æмæ сæ фыдæлты
азымыл — иузæрдион Мыл кæй нæ разын-
дысты æмæ Мæ ныхмæ кæй рацыдысты,
ууыл. 41Æз дæр сæ ныхмæ уый тыххæй ра-
цыдтæн, се знæгты зæхмæ сæ фæсырдтон.
Се 'нæсунæтгонд зæрдæтæ куы басæттой,
уæд уымæй бафиддзысты сæ азым, 42æмæ
Æз æрымысдзынæн Мæ фидыд Йаковимæ,
Мæ фидыд Исаакимæ æмæ Мæ фидыд Авра-
амимæ. Мæ зæрдыл æрлæудзæн, сæхицæн
дæр æмæ сын сæ байзæддæгтæн дæр зæрдæ
цы зæххæй бавæрдтон, уый.
43Ацы зæхх куы ныууадзой æмæ куы
сафтид уа, уæд йæ сабаты азтæ баххæст

кæндзæн, цалынмæ уыдон сæ тæригъæдтæ
фидой, уæдмæ, уымæн æмæ Мын Мæ амынд-
тытыл сæхи атигъ кодтой, Мæ уагæвæрдтыл
æлгъ кодтой. 44Фæлæ сыл Æз, се знæгты
зæххыл куы уой, уæд дæр Мæхи нæ атигъ
кæндзынæн æмæ сыл æлгъ нæ кæндзынæн.
Æз сæ нæ фесафдзынæн æмæ Мæ фидыд нæ
фехалдзынæн семæ, уымæн æмæ Æз Дуне-
дарæг дæн, сæ Хуыцау. 45Сæ фыдæлты сын
Æз адæмты раз ракодтон Мысырæй, цæмæй
уон сæ Хуыцау, æмæ сæ сæраппонд, семæ цы
фидыд сарæзтон, уый æрымысдзынæн. Æз
Дунедарæг дæн».

46Ацы уагæвæрдтæ, амындтытæ æмæ æгъ-
дæуттæ Дунедарæг израилæгтæн радта Си-
найы хохыл, Моисейы уылты.

**27** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Фехъу-
сын кæн израилæгтæн: исчи Дунедарæгæн
адæймаджы снывонд кæнынæй куы расомы
кæна æмæ йæ, уыцы адæймагæн йæ аргъ
цас у, уый бæрц бафидын куы хъæуа, 3уæд
ссæдз азæй æртиссæдз азы онг нæлгоймагæн
йæ аргъ уæд дæс æмæ дыууиссæдз æвзист
шекелы, кувæндоны шекелтæй нымайгæ-
йæ. 4Кæд сылгоймаг у, уæд та — дæс æмæ
ссæдз шекелы. 5Фондз азæй ссæдз азы онг
нæлгоймагæн йæ аргъ уæд ссæдз шекелы,
сылгоймагæн та — дæс шекелы. 6Мæйдзы-
дæй фондз азы онг лæппуйæн йæ аргъ уæд
фондз шекелы, чызгæн та — æртæ шекелы.
7Æртиссæдз азæй уæлæмæ цы нæлгоймагыл
цæуы, уымæн йæ аргъ — фынддæс шеке-
лы, сылгоймагæн та — дæс шекелы. 8Кæд
æмæ, сомы чи ракодта, уый мæгуыр у æмæ
нысангонд аргъ йæ бон бафидын нæу, уæд
æй сауджынмæ æрбакæнын хъæуы, цæмæй
сауджын, цы йæм ис, уымæ гæсгæ аскъуыд-
дзаг кæна, цас ын фидгæ у, уый.

9Исчи Дунедарæгæн фос нывондæн æр-
хæссынæй куы расомы кæна, уæд уыцы фос,
Дунедарæгæн лæвæрд кæй у, уымæ гæсгæ
суыдзæни уаз. 10Æндæрæй йын баивæн нæй:
хорзæн — æвзæрæй, æвзæрæн та — хорзæй.
Исчи фос фосæй куы баива, уæд сæ дыууæ
дæр суыдзысты уаз.

11Исчи, Дунедарæгæн нывондæн хæссын
кæй не 'мбæлы, ахæм æнæсыгъдæг фос ны-
вондæн æрхæссынæй куы расомы кæна, уæд-
иу æй сауджынмæ æрбакæнæд. 12Сауджын
фосæн, хорз æви æвзæр у, уымæ гæсгæ аргъ
скæнæд. Куыд ын саргъ кæна, афтæ уыдзæн.
13Уыцы фосы йæ хицау фæстæмæ балхæ-
нинаг куы уа, уæд ма-иу ын йæ аргъмæ йæ
фæндзæм хай дæр бафтауæд.

14Исчи йæ хæдзар Дунедарæгæн куы сны-
вонд кæна, уæд-иу ын сауджын, хорз æви
æвзæр у, уымæ гæсгæ аргъ скæнæд. Куыд
ын саргъ кæна, афтæ уæд. 15Фæлæ йæ хæ-
дзар чи снывонд кодта, уый йæ фæстæмæ
балхæнинаг куы уа, уæд-иу ын йæ аргъмæ
бафтауæд йæ фæндзæм хай, æмæ хæдзар
фæстæмæ йæхи бауыдзæн.

16Исчи йæ зæххы хай Дунедарæгæн куы
снывонд кæна, уæд ын саргъ кæнын хъæуы
йæ тауинаджы бæрцмæ гæсгæ: хъæбæрхоры
хомерæн — дæс æмæ дыууиссæдз шекелы
æвзист. 17Æрдæгсæдæйон азы йæ куы нывонд
кæна, уæд дæр-иу йæ аргъ уæд уый бæрц.
18Æрдæгсæдæйон азы бæрæгбоны фæстæ
йæ куы нывонд кæна, уæд та-иу сауджын
нысангонд аргъ фæкъаддæр кæнæд, иннæ
Æрдæгсæдæйон азмæ ма цал азы баззад,
уый хынцгæйæ. 19Йæ зæххы хай чи снывонд
кодта, уый йæ фæстæмæ балхæнинаг куы уа,
уæд ма-иу нысангонд аргъмæ бафтауæд йæ
фæндзæм хай, æмæ зæхх фæстæмæ йæхи
бауыдзæн. 20Фæлæ йæ зæхх фæстæмæ куы-
нæ балхæна æмæ æндæр искæмæн уæйгонд
куы 'рцæуа, уæд ын фæстæмæ балхæнæн нал
уыдзæн. 21Æрдæгсæдæйон азы уыцы зæххы
хай куы суæгъд уа, уæд суыдзæни уаз, Дуне-
дарæгæн кæй снывонд кодтой, бавналын æм
хæрам у, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм
зæхх, æмæ сауджынты исбон бауыдзæн.

22Исчи Дунедарæгæн кæмæйдæр æлхæд
зæххы хай куы снывонд кæна, йæхи исбон
чи нæ уыдис, ахæм, 23уæд-иу ын сауджын
йæ аргъ банымайæд, Æрдæгсæдæйон азмæ
ма цал азы баззад, уый хынцгæйæ, æмæ
йын тæккæ уыцы бон йæ аргъ бафидæд;
уый у уаз мысайнаг Дунедарæджы номыл.
24Зæхх та, Æрдæгсæдæйон аз куы ралæууа,
уæд фæстæмæ, кæмæй æлхæд æрцыд æмæ
кæй зæххы хай уыди, уый исбон бауыдзæн.
25Нысангонд æргътæ иууылдæр хъуамæ
нымад цæуой кувæндоны шекелтæй, алы
шекелы дæр — ссæдз герайы.

26Фосы фыццаг цæуæт Дунедарæгæн сны-
вонд кæнын никæй бон у, уымæн æмæ фыц-
цаггуырдтæ афтæ дæр Йæ исбон сты. Гал уа
æви фыс — Дунедарæджы исбон у. 27Фæлæ
æнæсыгъдæг фосы фыццаг цæуæт фæстæмæ
балхæнæн уыдзæн, нысангонд аргъмæ ма
йæ фæндзæм хай бафтаугæйæ. Фæстæмæ
æлхæд куынæ æрцæуа, уæд та йæ нысангонд
аргъыл ауæй кæнын хъæудзæн.

28Дæ исбонæй цæмæйдæриддæр басомы
кæнай, Дунедарæгæн æй снывонд кæндзы-
нæн, зæгъгæ, — адæймаг уа, фос æви зæххы

хай, — уымæн нæдæр ауæйгæнæн ис, нæдæр
фæстæмæ балхæнæн. Сомы ракæнгæйæ,
цыдæриддæр снывонд чындæуыд, уый Ду-
недарæджы у, иуулыуаз. 29Сомы ракæнгæйæ,
Дунедарæгæн кæй снывонд кодтой, уыцы
адæймаджы фæстæмæ балхæнæн нæй: хъуа-
мæ мард æрцæуа.

30Зæхх цы тыллæг дæтты — хор уа æви
бæлæсты дыргътæ уой — алцæмæн дæр
йæ дæсæймаг хай у Дунедарæджы исбон —
иуулыуаз. 31Йæ фæллойы дæсæймаг хай
фæстæмæ чи æлхæна, уый-иу нысангонд
аргъмæ бафтауæд йæ фæндзæм хай. 32Алы
стурвос æмæ лыстæг фосы дæсæймаг хай
дæр — дæсæймаг хайы гакк кæуыл æвæрд
æрцыд, уыдон сты Дунедарæджы уаз хай.
33Хорз фосы нæй æвзæр фосæй хицæнгæ-
нæн, ивæн дæр сын нæй. Исчи фос фосыл
куы баива, уæд сæ дыууæ дæр суыдзысты
уаз, æмæ сын нæй фæстæмæ балхæнæн».

34Адон сты, Дунедарæг Синайы хохыл
Моисейæн, цæмæй сæ израилæгтæ æх-
хæст кæной, уый тыххæй кæй радта, уыцы
фæдзæхстытæ.

## Моисейы цыппæрæм чиныг

# Нымæцтæ

Чиныджы райдианы дзырдæуы израилаг адæмы сфыстыл Мысырæй Ханаанмæ фæндагыл, æмæ «Нымæцтæ» дæр уымæн хуыйны. Чиныджы дзуттаг сæргонд та — «Æдзæрæг быдыры» — амоны, цаутæ кæм æрцыдысты, уыцы бынат.

Синайы хохыл Хуыцау израилаг адæмæн Йе 'Гъдау куы радта, уæд Моисей сарæзта æппæт израилаг хæстхъом нæлгоймæгты сфыст, левитты хицæнæй банымадта, афтæмæй. Дарддæр, Хуыцауы фæндонмæ гæсгæ, Æгъдау баххæст чындæуыд хицæн уæлæмхасæнтæй, æмæ адæм цæттæ уыдысты, Дунедарæг сын зæрдæ цы зæххæй бавæрдта, уырдæм алидзынмæ (1–9 сæртæ).

Фæлæ израилаг адæм Ханааны арæнмæ куы бахæццæ сты, уæд, зæрдæ сын цы зæххæй бавæрдæуыд, уырдæм бацæуын сæ ныфс нæ бахастой, уымæн æмæ бауæндыдысты сгарджыты ныхæстыл. Æмæ уый аххосæй дыууиссæдз азы дæргъы æдзæрæг быдыры фæрахау-бахау кодтой (10–20 сæртæ). Æнæсæттон израилæгты фæлтæр цагъды куы фæци, уæд адæм цадæггай бацахстой Ханаанмæ хæстæг зæххытæ æмæ Иорданы ныгуылæнварс Моавы бæстæм баввахс сты (21–36 сæртæ). Æртæ азы дæргъы израилаг адæм иу æмæ дыууæ хатты нæ сыстадысты Моисейы ныхмæ, хъаст кодтой Хуыцауæй. Фæлæ-иу сæ кæд Дунедарæг се 'нæсæттоны тыххæй бафхæрдта, уæддæр Йе 'взæрст адæмыл Йæ зæрдæ никуы сивта, аудыдта сыл, зæрдæ сын кæмæй бавæрдта, уыцы зæхмæ фæндагыл, лæвæрдта сын се знæгтыл уæлахизы хъомыс.

---

**1** Дунедарæг загъта Моисейæн Синайы
æдзæрæг быдыры, Фембæлды Цатыры, Мы-
сырæй куы рацыдысты, уымæн йæ дыккаг
азы дыккæгæм мæйы фыццаг бон: 2«Из-
раилы дзыллæйы мыггаггай, хæдзаргай
банымайут — нæлгоймæгты се 'ппæты
дæр номхуындæй. 3Израилы хæстхъом-
тæй ссæдз азы æмæ уымæй уæлæмæ кæ-
уыл цæуы, уыдоны нымæц Ааронимæ ба-
хынцут. 4Алы мыггагæй дæр уын фæйнæ
лæджы æххуыс кæндзысты — мыггаджы
хистæртæ. 5Мæнæ, æххуыс уын чи кæн-
дзæн, уыцы адæймæгты нæмттæ: Руви-
мы мыггагæй — Елицур, Шедеуры фырт;
6Симеоны мыггагæй — Шелумиел, Цури-
шаддайы фырт; 7Иудæйы мыггагæй — Нах-
шон, Аминадавы фырт; 8Иссахары мыгга-
гæй — Нетанел, Цуары фырт; 9Зевулоны
мыггагæй — Елиав, Хелоны фырт; 10Йосефы
байзæддæгтæй: Ефремы мыггагæй — Ели-
шама, Аммиуды фырт; Менассиайы мыгга-
гæй — Гамлиел, Педацуры фырт; 11Бениами-
ны мыггагæй — Авидан, Гидеонийы фырт;
12Даны мыггагæй — Ахиезер, Амишаддайы
фырт; 13Асиры мыггагæй — Пагиел, Ох-
раны фырт; 14Гады мыггагæй — Елйасаф,
Деуелы фырт; 15Неффалимы мыггагæй —
Ахира, Енаны фырт. 16Уыдон — дзыллæйы

нымаддæртæ, мыггæгты хистæртæ, мингай
израилæгты фæтæгтæ».
17Моисей æмæ Аарон, кæй нæмттæ загъ-
дæуыд, уыцы адæймæгтимæ 18дыккаг мæйы
фыццаг бон æгас дзыллæ æрæмбырд код-
той æмæ ссæдзаздзыд æмæ уымæй хистæр
æппæт нæлгоймæгты дæр, фæстаг лæджы
онг, хæдзаргай, хæдзарвæндаггай, номгай
сфыстой. 19Дунедарæг ын куыд бафæдзæхста,
афтæ сæ банымадта Моисей Синайы æдзæ-
рæг быдыры.
20Рувимы, Израилы хистæр фырты бай-
зæддæгтæ, ссæдзаздзыд æмæ уымæй хистæр
хæстхъом нæлгоймæгтæ се 'ппæт дæр, фæс-
таг лæджы онг, бинонты, хæдзарвæндæгты
номхыгъдты фыст æрцыдысты. 21Рувимы
мыггагæй хыгъд æрцыд цыппор æхсæз мин
фондзсæдæ адæймаджы.
22Симеоны байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд
æмæ уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæг-
тæ иууылдæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 23Симеоны мыггагæй хыгъд
æрцыд фæндзай фараст мин æртæсæдæ
адæймаджы.
24Гады байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд æмæ
уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæгтæ
се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 25Гады мыггагæй хыгъд æрцыд
цыппор фондз мин æхсæзсæдæ фæндзай
адæймаджы.
26Иудæйы байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд
æмæ уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæгтæ
се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 27Иудæйы мыггагæй хыгъд
æрцыд æвдай цыппар мин æхсæзсæдæ
адæймаджы.
28Иссахары байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд
æмæ уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæгтæ
се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 29Иссахары мыггагæй фыст
æрцыди фæндзай цыппар мин цыппарсæ-
дæ адæймаджы.
30Зевулоны байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд
æмæ уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæгтæ
се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 31Зевулоны мыггагæй хыгъд
æрцыд фæндзай авд мин цыппарсæдæ
адæймаджы.
32Йосефы байзæддæгтæ, Ефремы байзæд-
дæгтæ, ссæдзаздзыд æмæ уымæй хистæр
хæстхъом нæлгоймæгтæ се 'ппæт дæр,
фæстаг лæджы онг, бинонты æмæ хæдзар-
вæндæгты номхыгъдты фыст æрцыдысты.
33Ефремы мыггагæй хыгъд æрцыд цыппор
мин фондзсæдæ адæймаджы.
34Менассиайы байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд
æмæ уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæг-
тæ се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, би-
нонты æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты
фыст æрцыдысты. 35Менассиайы мыггагæй
хыгъд æрцыд æртын дыууæ мин дыууæсæ-
дæ адæймаджы.
36Бениамины байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд
æмæ уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæгтæ
се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 37Бениамины мыггагæй нымад
æрцыди æртын фондз мин цыппарсæдæ
адæймаджы.
38Даны байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд æмæ
уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæгтæ
се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты, номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 39Даны мыггагæй хыгъд æрцыд
æхсай дыууæ мин авдсæдæ адæймаджы.
40Асиры байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд æмæ
уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæгтæ
се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 41Асиры мыггагæй хыгъд æр-
цыд цыппор иу мин фондзсæдæ адæймаджы.
42Неффалимы байзæддæгтæ, ссæдзаздзыд
æмæ уымæй хистæр хæстхъом нæлгоймæгтæ
се 'ппæт дæр, фæстаг лæджы онг, бинонты
æмæ хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст
æрцыдысты. 43Неффалимы мыггагæй хыгъд
æрцыд фæндзай æртæ мин цыппарсæдæ
адæймаджы.
44Уый, Моисей æмæ Аарон æмæ Изра-
илы дыууадæс фæтæджы, алы мыггагæй
дæр — фæйнæ, кæй банымадтой, уыдон.
45Хæдзарвæндаггай фыст чи æрцыд, Изра-
илы уыцы хæстхъомтæ, ссæдзаздзыд æмæ
уымæй хистæртæ, æдæппæтæй 46уыдысты
æхсæзсæдæ æртæ мин фондзсæдæ фæндзай
адæймаджы.
47Левиттæ нæ бахаудтой сфыстмæ. 48Ду-
недарæг Моисейæн загъта: 49«Левийы мыг-
гаджы ма бахæсс сфыстмæ æмæ сæ иннæ
израилæгтимæ ма банымай. 50Левиттæн
бабар кæн, цæмæй сæ цæст дарой Фембæлды
Цатыр æмæ йе 'ппæт мигæнæнтæ, цыдæ-
риддæр æм хауы, уыдонмæ. Хæссæнт Цатыр
æмæ йе 'ппæт мигæнæнтæ, сæ цæст дарæнт
Цатырмæ. Сæ рæсæнуат — йæ алыварс. 51Уаз

Цæрæн сисын куы хъæуа, уæд æй левиттæ
райхалæнт, сæвæрын æй куы хъæуа, уæд
дæр-иу æй уыдон æрцаразæнт. Уаз Цæрæн-
мæ ’ндæр исчи куы æрбаввахс уа, уæд уый та
амарын хъæуы. 52Кьордгай æрбынат кæнæнт
израилæгтæ рæсæнуаты, алы хæстон дæр —
йæхи æфсадимæ, йæхи къордимæ. 53Левит-
тæ та хъуамæ Фембæлды Цатыры алыварс
æрбынат кæной, цæмæй Хуыцауы азар ма
баййафа Израилы дзыллæйы: Фембæлды
Цатыр левитты бæрны ис». 54Дунедарæг
Моисейæн куыддæриддæр бафæдзæхста,
алцыдæр афтæ бакодтой израилæгтæ.

**2** Дунедарæг Моисей æмæ Ааронæн загъта:
2«Израилæгтæ, алчи — йæ тырыса, йæ хæ-
дзарвæндаджы бæрæг нысæнттимæ, афтæ-
мæй рæсæнуат скæнæнт Фембæлды Цатыры
алфамбылай».

3Разæй, скæсæнæрдыгæй, хъуамæ йæ
къордтимæ æрбынат кæна Иудæйы æфсад;
Иудæйы байзæддæгты фætæг — Нахшон,
Аминадавы фырт. 4Йе ’фсæддон къорды —
æвдай цыппар мин æхсæзсæдæ адæймаджы.
5Йæ фарсмæ — Иссахары мыггаг; Иссахары
байзæддæгты фæтæг — Нетанел, Цуары фырт.
6Йе ’фсæддон къорды — фæндзай цыппар
мин цыппарсæдæ адæймаджы. 7Зевулоны
мыггаг: Зевулоны байзæддæгты фæтæг —
Елиав, Хелоны фырт. 8Йе ’фсæддон къорды —
фæндзай авд мин цыппарсæдæ адæймаджы.

9Иудæйы æфсады нымæц æдæппæтæй —
сæдæ æстай æхсæз мин цыппарсæдæ; уы-
донæн разæй цæугæ у.

10Рувимы æфсад йæ къордтимæ æрбынат
кæнæд хуссарæрдыгæй. Рувимы байзæд-
дæгты фæтæг — Елицур, Шедеуры фырт.
11Йе ’фсæддон къорды — цыппор æхсæз мин
фондзсæдæ адæймаджы. 12Йæ фарсмæ — Си-
меоны мыггаг. Симеоны байзæддæгты фæ-
тæг — Шелумиел, Цуришаддайы фырт. 13Йе
’фсæддон къорды — фæндзай фараст мин
æртæсæдæ адæймаджы. 14Дарддæр — Гады
мыггаг; Гады байзæддæгты фæтæг — Елйа-
саф, Реуелы фырт. 15Йе ’фсæддон къорды —
цыппор фондз мин æхсæзсæдæ фæндзай
адæймаджы. 16Рувимы æфсæддон къордты
æдæппæтæй — сæдæ фæндзай иу мин цып-
парсæдæ фæндзай адæймаджы; уыдонæн
Иудæйы æфсады фæстæ цæугæ у.

17Фæндагыл Уаз Цæрæн æмæ левиттæ хъу-
амæ уой æфсæдты астæу.

Рæсæнуаты чи куыд лæууыд, фæндагыл
дæр сын афтæ цæугæ у: алчи — йæхи бынаты,
йæхи æфсадимæ.

18Ефремы ’фсад йæ къордтимæ æрбынат
кæнæд ныгуылæнæрдыгæй; Ефремы бай-
зæддæгты фæтæг — Елишама, Аммиуды
фырт. 19Йе ’фсæддон къорды — цыппор мин
фондзсæдæ адæймаджы. 20Йæ фарсмæ —
Менассиайы мыггаг; Менассиайы байзæд-
дæгты фæтæг — Гамлиел, Педацуры фырт.
21Йе ’фсæддон къорды — æртын дыууæ мин
дыууæсæдæ адæймаджы. 22Дарддæр — Бе-
ниамины мыггаг; Бениамины байзæддæгты
фæтæг — Авидан, Гидеонийы фырт. 23Йе
’фсæддон къорды — æртын фондз мин цып-
парсæдæ адæймаджы. 24Ефремы æфсады
нымæц æдæппæтæй — сæдæ аст мин сæ-
дæ адæймаджы; уыдонæн Рувимы æфсады
фæстæ цæугæ у.

25Даны æфсад йæ къордтимæ æрбынат
кæнæд цæгатæрдыгæй; Даны байзæддæгты
фæтæг — Ахиезер, Амишаддайы фырт. 26Йе
’фсæддон къорды — æхсай дыууæ мин авд-
сæдæ адæймаджы. 27Йæ фарсмæ — Асиры
мыггаг; Асиры байзæддæгты фæтæг — Па-
гиел, Охраны фырт. 28Йе ’фсæддон къорды —
цыппор иу мин фондзсæдæ адæймаджы.
29Дарддæр — Неффалимы мыггаг; Неффа-
лимы байзæддæгты фæтæг — Ахира, Енаны
фырт. 30Йе ’фсæддон къорды — фæндзай
æртæ мин цыппарсæдæ адæймаджы. 31Даны
æфсады æдæппæтæй — сæдæ фæндзай авд
мин æхсæзсæдæ адæймаджы. Уыдонæн се
’ппæты фæстæ цæугæ у.

32Уый — хæдзарвæндаггай израилæгты
сфыстмæ чи бахауд, уыдон. Æдæппæтæй
се ’фсады, алы къорд дæр хынцгæйæ, уыдис
æхсæзсæдæ æртæ мин фондзсæдæ фæндзай
адæймаджы. 33Уыимæ левиттæ израилæгты
хыгъдмæ хаст не ’рцыдысты, Дунедарæг
Моисейæн куыд загъта, афтæ.

34Дунедарæг Моисейæн куыддæриддæр
загъта, алцыдæр афтæ бакодтой израилæг-
тæ — рæсæнуаты сæ чи куыд лæууыди йе
’фсадимæ, фæндагыл дæр цыдысты афтæ: ал-
чи — йæхи мыггаг, йæхи хæдзарвæндагимæ.

**3** Мæнæ, Дунедарæг Синайы хохыл Моисеи-
мæ куы дзырдта, уæд Аарон æмæ Моисейæн
цы байзæддæгтæ уыдис, уыдон. 2Аароны
фырттæ: йæ хистæр зæнæг — Надав, уый фæс-
тæ Авигу, Елеазар æмæ Итамар — 3Аароны
фырттæ, сауджынлæггадæн сæрст чи æрцыди,
уыдон. 4Надав æмæ Авигу æрбамардысты, Ду-
недарæджы размæ Синайы æдзæрæг быдыры
нæфæтчиаг арт куы бахастой, уæд; цот сын
нæ баззад. Елеазар æмæ Итамар та сæ фыд Аа-
роны къухдариуæгæй сауджынлæггад кодтой.

5Дунедарæг Моисейæн загъта: 6«Фæсид
Левийы мыггагмæ æмæ сæ сауджын Аароны
дæлбар бакæн, уадз æмæ йын лæггад кæной.
7Аароны бæсты дæр æмæ æппæт дзыллæйы
бæсты дæр уыдон хъуамæ лæггад кæной
Фембæлды Цатыры: Уаз Цæрæны алы куыст
дæр уыдонмæ хауы. 8Уыдон æппæт израи-
лæгты бæсты лæггад кæнынц Уаз Цæрæны
æмæ сæ бæрны уæнт Фембæлды Цатыры
мигæнæнтæ. 9Бакæн левитты Аарон æмæ
йæ фыртты дæлбар; израилæгты 'хсæн уы-
дон Ааронæн лæвæрд сты. 10Аарон æмæ йæ
фырттæн бахæс кæн сауджынлæггад кæнын;
æндæр исчи хæстæг æрбацыди, зæгъгæ, уæд
уый та амарын хъæуы».

11Дунедарæг Моисейæн загъта: 12«Израи-
лæгты æхсæн Æз равзæрстон левитты. Мæ-
хицæн сæ исын израилæгты хистæр зæ-
нæджы ныхмæ — мады гуыбыны фыццаг
гуырдзы ныхмæ. Левиттæ уыдзысты Мæн.
13Уымæн æмæ Мæн у алы фыццаг зæнæг дæр.
Мысыры алы фыццаг цæуæты куы ныццагъ-
тон, уæд Мæхицæн рахицæн кодтон Израи-
лы алы фыццаг цæуæты дæр — адæймагæй
фосы онг. Мæн сты уыдон. Æз — Дунедарæг».

14Дунедарæг Моисейæн Синайы ædзæрæг
быдыры загъта: 15«Банымай Левийы байзæд-
дæгты хæдзаргай, мыггаггай; нæлгоймагæй
дзы чидæриддæр ис, иумæйдзыд æмæ уымæй
хистæртæ, уыдоны се 'ппæты дæр банымай».

16Æмæ сæ банымадта Моисей, Дунедарæг
куыд загъта, афтæ. 17Мæнæ Левийы фырттæ
номхуындæй: Гершон, Кехат æмæ Мера-
ри. 18Мæнæ номхуындæй Гершоны фырт-
тæ: Ливни æмæ Шими, сæ мыггæгтимæ;
19Кехаты фырттæ: Амрам, Ицхар, Хеврон
æмæ Уззиел, сæ мыггæгтимæ; 20Мерарийы
фырттæ: Махли æмæ Муши, сæ мыггæгтимæ.
Уый — Левийы байзæддæгты мыггæгтæ сæ
фыдæлтимæ. 21Гершонæй — Ливнийы мыг-
гаг æмæ Шимийы мыггаг. Уый — Гершоны
байзæддæгтæ. 22Хыгъд сæ чи æрцыд, уыцы
иумæйдзыд æмæ уымæй хистæр нæлгой-
мæгтæ — авд мин фондзсæдæ. 23Гершоны
мыггæгтæн Цатыры чъылдыммæ лæугæ у,
Цатырæй ныгуылæнæрдæм. 24Гершоны бай-
зæддæгты фæтæг — Елйасаф, Лаелы фырт.
25Уаз Цæрæны Гершоны байзæддæгтæн сæ
бæрны сты: Цатыр, Цатыры царæмбæрзæн
æмæ Цатыры дуарæмбæрзæн, 26Цатыр æмæ
кæрты æмбонд нывондхæссæны алыварс,
кæрты дуарæмбæрзæн æмæ бæндæнтæ. Се-
мæ баст алы куыст дæр уыдонмæ хауы.

27Кехатæй — Амрамы мыггаг, Ицхары
мыггаг, Хевроны мыггаг, Уззиелы мыггаг.
Уый — Кехаты байзæддæгтæ. 28Хыгъд сæ
чи æрцыди, уыцы иумæйдзыд æмæ уымæй
хистæр нæлгоймæгтæ — аст мин æхсæзсæдæ,
уыдон та Уаз Цæрæнмæ сæ цæст дардзысты.
29Кехаты байзæддæгтæн Цатырæй хусса-
рæрдæм лæугæ у. 30Кехаты байзæддæгты
фæтæг — Елцафан, Уззиелы фырт. 31Уыдоны
бæрны сты: Чырын, фынг, цырагъдарæн,
нывондхæссæнтæ, хуыцаулæггады уаз ми-
гæнæнтæ æмæ æмбæрзæн. Семæ баст алы
куыст дæр уыдонмæ хауы. 32Левитты фæ-
тæгты сæргъы — Елеазар, сауджын Аароны
фырт; уый йæ цæст дары, уаз дзауматæ кæй
бæрны сты, уыдонмæ.

33Мерарийæ — Махлийы мыггаг, Мушийы
мыггаг. Уый — Мерарийы байзæддæгтæ.
34Хыгъд сæ чи æрцыд, уыцы иумæйдзыд
æмæ уымæй хистæр нæлгоймæгтæ — æхсæз
мин дыууæсæдæ. 35Мерарийы байзæддæгты
фæтæг — Цуриел, Авихаилы фырт; Цатырæй
цæгатæрдæм лæугæ у уыдонæн. 36Мерарийы
байзæддæгты бæрны сты: Цатыры хъайван-
тæ, æвдузæнтæ, цæджындзтæ, бындуртæ
æмæ æппæт гæрзтæ. Семæ баст алы куыст
дæр уыдонмæ хауы. 37Кæрты алыварс цы цæ-
джындзтæ ис, уыдонæн сæ бындуртæ, цур-
чытæ, бæндæнтæ дæр уыдоны бæрны сты.

38Цатыры раззаг фарс та, Цатырæй скæсæ-
нæрдæм, Моисей æмæ Ааронæн йæ фыртти-
мæ лæугæ у. Израилæгтæн се 'ппæты бæсты
Уаз Цæрæны уыдон лæггад кæнынц. Уаз
Цæрæнмæ æндæр исчи куы æрбаввахс уа,
уæд уый та амарын хъæуы.

39Дунедарæджы бардзырдмæ гæсгæ Мои-
сей æмæ Аарон мыггаггай кæй банымадтой,
уыцы левиттæ, иумæйдзыд æмæ уымæй
хистæр нæлгоймæгтæ, æдæппæтæй дыууын
дыууæ мины.

40Дунедарæг Моисейæн загъта: «Банымай,
иу мæйæ уæлæмæ кæуыл цæуы, Израилы уы-
цы нæлгоймæгтæй фыццаг зæнæг чи у, уы-
доны се 'ппæты дæр номхуындæй æмæ сын
сæ нымæц сбæрæг кæн. 41Æз — Дунедарæг!
Рахицæн кæн левитты Мæнæн израилæгты
фыццаг зæнæджы ныхмæ, левитты фос та —
израилæгты фосы фыццаг цæуæты ныхмæ».

42Банымадта Моисей, Дунедарæг ын ку-
ыд загъта, афтæ, Израилы нæлгоймæгтæй
фыццаг зæнæг чидæриддæр уыди, уыдоны
се 'ппæты дæр. 43Иу мæйæ уæлæмæ сæ кæуыл
цæуы, уыцы фыццаггуырд нæлгоймæгтæ
уыдысты дыууын дыууæ мин дыууæсæдæ
æвдай æртæ.

44Дунедарæг Моисейæн загъта: 45«Райс
левитты Израилы фыццаг зæнæджы ныхмæ,

левитты фос та — уыдоны фосы ныхмæ. Ле-
виттæ уыдзысты Мæн: Æз — Дунедарæг.
46Израилы фыццаг зæнæг левиттæй цы дыу-
уæ сæдæ æвдай æртæ адæймаджы фылдæр
у, 47уыдонæй алкæй ныхмæ та райс фæйнæ
фондз шекелы, кувæндоны шекелтæй, алы
шекелы дæр — ссæдз герайы. 48Ратт уыцы
æвзист Аарон æмæ йæ фырттæн, левиттæй
ивд чи не 'рцыд, уыдоны балхæныны охыл».
49Моисей, левиттæй ивд чи не 'рцыд, уы-
доны ныхмæ райста æвзист: 50иу мин æмæ
æртæсæдæ æхсай фондз шекелы, кувæндоны
шекелтæй. 51Моисей радта уыцы æвзист Аа-
рон æмæ йæ фырттæн, Дунедарæг ын куыд
загъта, афтæ.

**4** Дунедарæг Моисей æмæ Ааронæн загъ-
та: 2«Левитты 'хсæн мыггаггай, хæдзаргай
банымайут, Кехаты байзæддæгтæй 3дæс
æмæ ссæдз азæй дæс æмæ дыууиссæдз азы
онг кæуыл цæуы æмæ Фембæлды Цатыры
лæггадхъом чи у, уыдоны се 'ппæты дæр.
4Кехаты байзæддæгтæн Фембæлды Цатыры
сæ бæрны сты иуууылуаз дзауматæ.
5Фæндагмæ рæвдз кæнгæйæ, Аарон йæ
фырттимæ дуарæмбæрзæн хъуамæ сиса æмæ
дзы Фидыды Чырын æрæмбæрза, 6йæ уæлæ
йын хъуамæ æрытауой сæрак æмбæрзæн,
уый уæлæ æрæппарой æрвхуыз æмбæрзæн,
стæй дзы хъилтæ атъыссой.
7Дунедарæджы раз цы фынг ис, ууыл хъуа-
мæ æрытауой æрвхуыз æмбæрзæн æмæ йыл
равæрой тæбæгътæ, куыситæ æмæ кæхцытæ,
стæй хъалацтæ сæнæн; иудадзыг ыл цы дзул-
тæ æвæрынц, уыдон æдзухдæр хъуамæ уой
йæ уæлæ. 8Æрæмбæрзæнт сæ сырх-сырхид
æмбæрзæнæй, уый та сæрак æмбæрзæнæй
æрæхгæнæнт æмæ хъилтæ ныссадзæнт.
9Æрвхуыз æмбæрзæнæй æрæмбæрзæнт
цырагъдарæн æмæ йæ цырæгътæ, йе 'ртыс-
кæнтæ, будсудзæнтæ æмæ, йемæ цы сойы
мигæнæнтæ ис, уыдон. 10Стæй цырагъдарæн
йе 'ппæт мигæнæнтимæ æрæхгæнæнт сæрак
æмбæрзæнæй æмæ йæ хæссæныл сæвæрæнт.
11Сыгъзæрин нывондхæссæныл айтын-
дзæнт æрвхуыз æмбæрзæн, уый уæлæ — сæ-
рак æмбæрзæн æмæ хъилтæ сæ бынæтты
атъыссæнт. 12Райсæнт, уазлæггады кæмæй
пайда кæнынц, Уаз Цæрæны уыцы мигæ-
нæнтæ иуууылдæр, æрвхуыз æмбæрзæны сæ
батухæнт, сæракæй сæ æрæмбæрзæнт æмæ
сæ афтæмæй хæссæныл сæвæрæнт.
13Нывондхæссæн йæ фæныкæй расыгъдæг
кæнæнт æмæ йыл сæнт сырх æмбæрзæн
айтындзæнт, 14уый уæлæ та æрæвæрæнт йе
'ппæт мигæнæнтæ: зынгхæссæн кæфойтæ,
фыдисæнтæ, белтæ, тугтадзæн хъалацтæ.
Сæрак æмбæрзæнæй æрæхгæнæнт æппæт
уыдон æмæ хъилтæ атъыссæнт.
15Фæндагмæ уæхи куы рæвдз кæнат, уæд
уал раздæр Аарон æмæ йæ фырттæ Цатыр
æмæ йæ уаз дзауматæ иуууылдæр æрæм-
бæрзæнт, æмæ сæм æрмæстдæр уый фæстæ
Кехаты фырттæ хæссынмæ бацæуæнт: уаз
дзауматæй сын андзæвæн ницæуыл ис, на-
уæд амæлдзысты. Фембæлды Цатыры уаз
дзауматæ хæссын у Кехаты фыртты хæс.
16Сауджын Аароны фырт Елеазары бæрны
сты цырагъдарæны сой, будусудзæн хæрз-
дæфгæнæнтæ, æрвылбоны хойраджы хуын
æмæ сæрдæн сой. Йæ бæрны сты Уаз Цæрæн
æмæ дзы цыдæриддæр ис, уыдон: уаз дзау-
матæ æмæ мигæнæнтæ».
17Дунедарæг Моисей æмæ Ааронæн загъта:
18«Левитты 'хсæнæй Кехаты хæдзарвæндаг
ма бауадзут фесафын. 19Цæмæй удæгасæй
баззайой æмæ, Рухсмонуатмæ баввахс уæв-
гæйæ, ма амæлой, уый тыххæй сæм Аарон
æмæ йæ фырттæ сæхædæг хъуамæ бацæуой
æмæ Кехаты байзæддагæй алкæмæн дæр
йæ хæссинаг йæ къухмæ раттой. 20Кехаты
байзæддагæн нæдæр бацæуæн, нæдæр сæ
цæсты кæронæй бакæсæн ис уаз дзауматæм,
науæд амæлдзысты».
21Дунедарæг Моисейæн загъта: 22«Банымай
Гершоны байзæддæгты дæр хæдзаргай æмæ
мыггаггай. 23Банымай, дæс æмæ ссæдз азæй
дæс æмæ дыууиссæдз азы онг кæуыл цæуы
æмæ Фембæлды Цатыры лæггадхъом æмæ
кусынхъом чи у, уыдоны се 'ппæты дæр.
24Мæнæ — Гершоны байзæддæгты куыст, сæ
бæрны цы хæссинаг ис, уый. 25Уыдон хæс-
сынц: Уаз Цæрæны æмбæрзæнтæ, Фембæл-
ды Цатыр, йе 'мбæрзæн, йе 'ддаг, сæракæй
конд, æмбæрзæн, Цатыры дуарæмбæрзæн,
26кæрты æмбонд-æмбæрзæнтæ, Цатыр æмæ
нывондхæссæны алыварс кæрты кулдуа-
рæмбæрзæн, сæ бæндæнтæ æмæ æппæт
кусæнгæрзтæ. Семæ баст алы куыст дæр
уыдонмæ хауы. 27Аарон æмæ йæ фырттæ
сын куыд дзурой, афтæ кусдзысты æмæ сæ
хæссинаг хæсдзысты Гершоны байзæддæг-
тæ. Уыцы хæссинаг сын сымах сæ бар кæнут,
æмæ уыдоны бæрны ис. 28Уый — Гершоны
байзæддæгты куыст Фембæлды Цатыры,
сауджын Аароны фырт Итамары дæлбар.
29Мерарийы байзæддæгты дæр мыггаг-
гай, хæдзаргай банымай. 30Банымай, дæс
æмæ ссæдз азæй дæс æмæ дыууиссæдз азы
онг кæуыл цæуы æмæ Фембæлды Цатыры

лæггадхъом æмæ кусынхъом чи у, уыдоны
иууылдæр. 31Фембæлды Цатыры сæ бæрны
сты æмæ хæссынц: Цатыры фæйнæджытæ,
хъайвантæ, цæджындзтæ æмæ бындуртæ,
32кæрты алыварс цæджындзтæ — сæ бын-
дуртæ, сæ цурчытæ æмæ сæ бæндæнтимæ,
стæй æппæт иннæ мигæнæнтæ. Семæ баст
алы куыст дæр уыдонмæ хауы. Уыцы хæс сын
сымах сæ бар кæнут, æмæ уыдоны бæрны
ис. 33Уый — Мерарийы байзæддæгты куыст
Фембæлды Цатыры, сауджын Aароны фырт
Итамары разамындæй».
34Банымадтой Моисей, Aарон æмæ дзыл-
лæйы фæтæгтæ Кехаты байзæддæгты хæ-
дзаргай æмæ мыггаггай, 35дæс æмæ ссæдз
азæй дæс æмæ дыууиссæдз азы онг кæуыл
цыд æмæ Фембæлды Цатыры лæггадхъом
æмæ кусынхъом чи уыди, уыдоны се 'ппæты
дæр. 36Мыггаггай æдæппæтæй фыст æрцыд
дыууæ мин авдсæдæ фæндзай адæймаджы.
37Уый — Кехаты байзæддæгтæй Фембæлды
Цатыры чи хъуамæ лæггад кодтаид, уыдоны
нымæц. Дунедарæг Моисейæн куыд загъта,
афтæ сæ Моисей æмæ Aарон банымадтой.
38Гершоны байзæддæгтæ, мыггаггай, хæ-
дзаргай сæ сфысгæйæ, 39дæс æмæ ссæдз
азæй дæс æмæ дыууиссæдз азы онг кæуыл
цыд æмæ Фембæлды Цатыры лæггадхъом
æмæ кусынхъом чи уыд, уыдон æдæппæтæй,
40мыггаггай, хæдзаргай сæ банымайгæйæ,
уыдысты дыууæ мин æхсæзсæдæ æртын.
41Уый — Гершоны байзæддæгтæй Фембæлды
Цатыры чи хъуамæ лæггад кодтаид, уыдоны
нымæц. Дунедарæг Моисейæн куыд загъта,
афтæ сæ Моисей æмæ Aарон банымадтой.
42Мерарийы байзæддæгтæ, мыггаггай,
хæдзаргай сæ сфысгæйæ, 43дæс æмæ ссæдз
азæй дæс æмæ дыууиссæдз азы онг кæуыл
цыд æмæ Фембæлды Цатыры лæггадхъом
æмæ кусынхъом чи уыд, уыдон æдæппæтæй,
44мыггаггай, хæдзаргай сæ банымайгæйæ,
уыдысты æртæ мин дыууæсæдæ. 45Уый —
Мерарийы байзæддæгты нымæц. Дунедарæг
Моисейæн куыд загъта, афтæ сæ Моисей
æмæ Aарон банымадтой.
46Æдæппæтæй та, Моисей æмæ Aарон æмæ
Израилы фæтæгтæ мыггаггай æмæ хæдзар-
гай кæй банымадтой, уыцы левиттæ, 47дæс
æмæ ссæдз азæй дæс æмæ дыууиссæдз азы
онг кæуыл цыд æмæ Фембæлды Цатыры
лæггадхъом æмæ кусынхъом чи уыд, уы-
дон иумæ 48уыдысты аст мин фондзсæдæ
æстай. 49Дунедарæг Моисейæн куыд загъта,
афтæ нымад æрцыдысты æмæ дзы алкæмæн
дæр сбæлвырд ис йæ куыст æмæ йæ хæс.
Дунедарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста,
алцыдæр афтæ бакодтой.

**5** Дунедарæг загъта Моисейæн: 2«Израи-
лæгтæн зæгъ, æмæ рæсæнуатæй арвитой,
хъотыр кæуыл ис, йæ цъæй кæмæн мизы,
марды буарыл бандзæвгæйæ чи фæчъизи
ис, уыдоны се 'ппæты дæр. 3Нæлгоймагæй,
сылгоймагæй сæ арвитут, цæмæй ма чъизи
кæной рæсæнуат, уымæн æмæ Æз семæ дæн
рæсæнуаты».
4Æмæ израилæгтæ афтæ бакодтой: ахæм
адæймæгты рæсæнуатæй арвыстой. Дунеда-
рæг Моисейæн куыд загъта, афтæ бакодтой
израилæгтæ.
5Дунедарæг Моисейæн загъта: 6«Зæгъ из-
раилæгтæн: нæлгоймаг кæнæ сылгоймаг
искæй тæригъæды куы бацæуа æмæ афтæ-
мæй Дунедарæджы ныхмæ фыддзинад куы
ракæна æмæ куы фæазымджын уа, 7уæд йæ
тæригъæдыл басæттæд æмæ, кæй бахъыг-
дардта, уымæн æххæстæй бафидæд, цы йын
фæзиан кодта, уый, уыцы фиддонæн ма йæм
ноджы йæ фæндзæм хай бафтауæд, афтæ-
мæй. 8Кæд æмæ, фиддон чи айса, хъыгдард
баййафæгæн ахæм æввахс хион нæй, уæд
азым ныббарæггаг Дунедарæджы у æмæ
сауджынæн лæвæрд цæуы — тæригъæд
ссыгъдæг кæныны тыххæй нывондæн кæй
æрхæссынц, уыцы фыримæ.
9Израилæгты мысайнæгтæ, сæ уаз лæ-
вæрттæ, иууылдæр сауджынты сты. 10Алы
сауджын дæр, цы уаз лæвæрттæ йæм æр-
бахæссынц, уыдон йæхицæн ныууадзы:
сауджынæн цы рардæуы, уый йæ хай у».
11Дунедарæг Моисейæн загъта: 12«Фехъу-
сын кæн израилæгтæн: мæнæ сын цы гæн-
гæ у, искæуыл дзы йæ ус гадзрахатæй куы
рацæуа — куы йæ фæсайа — 13æмæ искæй
лæг йемæ æмуат куы 'рцæуа æмæ йыл йæ
мыг куы фæкала, фæлæ йæ мой уый йæхæ-
дæг куынæ фена, сылгоймаг сусæгæй йæхи
куы фæчъизи кæна æмæ йæ базылын кæны-
нæн йæ ныхмæ æвдисæн куынæ уа, 14фæлæ
йæм уæддæр лæджы зæрдæ куы 'хсайа æмæ
йыл æнæууæнк куы кæна, уæд. Кæнæ, сыл-
гоймаг йæхи нæ фæчъизи кодта, афтæмæй
йыл йæ мой æнæхъуаджы æнæууæнк кæны,
зæгъгæ, 15уæд æрбакæнæд уыцы лæг йæ усы
сауджыны размæ. Йæ усы тыххæй сауджы-
нæн бахæссæд хъæбæрхоры ссады ефæйы
дæсæймаг хай, æрмæст ыл оливæйы сой ма
æркалæд æмæ йыл буд ма сæвæрæд — уыцы
хойраджы хуын æнæууæнчы, багæды кæны-
ны фæдыл кæй у, уымæ гæсгæ.

[16]Дунедарæджы раз æрлæууын кæнæд
сауджын сылгоймаджы. [17]Æркæнæд аргъуыд
дон дурын мигæнæны, Уаз Цæрæны астæр-
дæй сыджыт фелвасæд æмæ йæ уыцы доны
ныппарæд. [18]Æрлæууын кæнæд сылгойма-
джы Дунедарæджы раз, йæ сæрыхъуынтæ
йын йе уæхсчытыл æркалæд æмæ йын йæ
къухтæм раттæд уыцы хойраджы хуын —
багæды кæныны хуын, æнæууæнчы хуын.
Сауджыны къухты — маст дон, æлгъыст дон,
[19]афтæмæй хъуамæ ныффæдзæхса сылгой-
магæн æмæ йын зæгъа: „Кæд æмæ æндæр
нæлгоймаг демæ æмуат не ’рцыди, кæд
æмæ дæ лæгыл гадзрахатæй нæ рацыдтæ
æмæ нæ фæчъизи дæ, уæд дæ ацы маст дон,
адæймагыл æлгъыст чи æфтауы, уый, ма-
цы бахъыгдарæд! [20]Фæлæ кæд дæ лæгыл
гадзрахатæй рацыдтæ æмæ æндæр нæлгой-
маг демæ æмуат æрцыди...“ [21]Æмæ ацы ран
карз æлгъыстæй хъуамæ фелгъита сауджын
сылгоймаджы: „Æлгъыстаг дæ фæкæнæд
Дунедарæг, адæмы ’хсæн æмбисондæн куыд
баззайай, æддæсывæр, гуыбындымст куыд
фæуай! [22]Ацæуæд дæ хуылфы ацы æлгъыст
дон æмæ дын дæ гуыбын ныддымсын кæнæд,
дæ сывæр дын федде кæнæд“. Æмæ хъуамæ
зæгъа сылгоймаг: „Аммен! Аммен!“
[23]Уыцы æлгъыстытæ хъуамæ сауджын
ныффысса тухгæ чиныджы, фыстытæ маст
донмæ æрæхса [24]æмæ бадара сылгойма-
гæн уыцы æлгъыст маст дон, цæмæй уыцы
æлгъыст дон йæ хуылфы ацæуа æмæ йыл
низ бафтауа.
[25]Райсæд сауджын сылгоймаджы къухæй
хойраджы хуын, æнæууæнчы хуын, Дуне-
дарæджы раз æй хæрдмæ сисæд æмæ йæ
нывондхæссæны размæ бахæссæд. [26]Сисæд
уыцы хуынæй йæ армыдзаг, хуын иууылдæр
Дунедарæджы кæй у, уый нысанæн, æмæ йæ
нывондхæссæныл басудзæд. Уый фæстæ
сылгоймагæн дон бадарæд.
[27]Уыцы дон ын куы бадара, уæд, кæд æмæ
сылгоймаг йæхи æцæгæй фæчъизи кодта
æмæ йæ лæгыл гадзрахатæй рацыд, уæд
уыцы æлгъыст дон йæ хуылфы низæй ацæу-
дзæн — йæ гуыбын ныддымсдзæн, йæ сывæр
федде уыдзæн, æмæ æлгъыстаг фæуыдзæн
сылгоймаг адæмы ’хсæн. [28]Кæд æмæ сылгой-
маг йæхи нæ фæчъизи кодта æмæ сыгъдæг у,
уæд æй дон ницы бахъыгдардзæн, æмæ æнæ-
зæнæг нæ фæуыдзæн. [29]Уый — æнæууæнчы
æгъдау, сылгоймаг йæ лæгыл гадзрахатæй
куы рацæуа æмæ йæхи куы фæчъизи кæна,
[30]кæнæ та лæг дызæрдыджы куы ныххауа
æмæ йæ усыл æнæууæнк куы кæна, уæд.
Дунедарæджы раз æрлæууын кæнæнт сыл-
гоймаджы, æмæ йæ сауджын ацы æгъдаумæ
гæсгæ бавзарæд. [31]Æмæ сыгъдæг уыдзæни
лæг тæригъæдæй, ус та йæ тæригъæды тых-
хæй дзуапп ратдзæн».

**6** Дунедарæг Моисейæн загъта: [2]«Зæгъ из-
раилæгтæн: нæлгоймаг уа æви сылгоймаг,
назир суæвыны тыххæй сæ исчи куы басомы
кæна, мæхи Дунедарæгæн нывонд кæнын,
зæгъгæ, [3]уæд хъуамæ сæн æмæ махсымæйæ
йæхи хиза, сæны дзмари æмæ махсымæйы
дзмаримæ хæстæг ма цæуа, сæнæфсирæй
конд нозтытæй макæцы нуаза, сæнæфсир
æмæ сæнæфсиры хус йæ дзыхмæ ма хæсса.
[4]Йæ назир-бонты дæргъы йын, сæнæфсирæй
конд цыдæриддæр хæринаг ис, аппæй цъары
онг, уыдонæй хæрæн ницы ис.
[5]Йæ назир-бонты дæргъы сæрдасæн хъу-
амæ ма андзæва йæ сæрыл. Цалынмæ, Ду-
недарæгæн йæхи цы бонты æмгъуыдмæ
снывонд кодта, уыдон аивгъуыйой, уæдмæ
уаз у: хъуамæ йæ сæрыхъуынтæ рауадза.
[6]Йæхи Дунедарæгæн цы рæстæгмæ сны-
вонд кодта, уыцы бонты йын мардмæ хæстæг
бацæуæн нæй. [7]Нæй йын суанг йæ фыд, йæ
мад, йе ’фсымæр кæнæ йæ хойы мардыл ан-
дзæвæн æмæ уымæй йæхи фæчъизи кæнæн
дæр: Хуыцауæн нывондгонд кæй у, уыцы
нысан ис йæ сæрыл. [8]Йæ назир-бонты дæр-
гъы Дунедарæгæн нывондгонд у.
[9]Йæ цуры æнæнхъæлæджы исчи куы амæ-
ла, æмæ афтæмæй æнæбары йæ назиры сæр
куы фæчъизи кæна, уæд, цы бон ссыгъдæг ис,
уыцы бон йæ сæрыхъуынтæ хъуамæ алвына —
йæ фæчъизийы фæстæ сæ æвдæм бон алвы-
нæд. [10]Æстæм бон та дыууæ æхсинæджы
кæнæ дыууæ бæдул бæлоны хъуамæ ратта
сауджынмæ Фембæлды Цатыры къæсæрыл.
[11]Уыцы мæргътæй иу сауджын æрхæссæд
тæригъæды нывондæн, иннæ — иууылсу-
дзинаг нывондæн, æмæ йæ марды буарыл
андзæвыны тæригъæдæй ссыгъдæг кæнæд.
Назир тæккæ уыцы бон йæ сæр срухс кæнæд,
[12]ногæй басомы кæнæд Дунедарæджы раз
æмæ фиддоны нывондæн фыргуист æрбакæ-
нæд. Уымæй размæйы назир-бонтæ та йын
сæфт сты, уымæн æмæ йæхи фæчъизи кодта.
[13]Назиры æгъдау ахæм у. Йе ’мгъуыды
фæстаг бон æй æрбакæнæнт Фембæлды Ца-
тыры къæсæрмæ. [14]Хъуамæ уыцы ранмæ Ду-
недарæгæн сæмбæлын кæна: иу æнæсахъат
фыргуист — иууылсудзинаг нывондæн, иу
æнæсахъат далыс — тæригъæды нывондæн,
иу æнæсахъат фыр — фидыды нывондæн;

15чыргъæды — сойхæццæ æвзаргæ мæнæ-
уы ссадæй донгонд гуылтæ, оливæйы сойæ
сæрст донгонд тæнджытæ, семæ ма ноджы
хойраджы хуын æмæ сæн. 16Сауджын сæ
хъуамæ равæра Дунедарæджы раз æмæ аку-
сарт кæна тæригъæд сыгъдæггæнæн нывонд
æмæ иууылсудзинаг нывонд, 17фыр та фи-
дыды нывондæн æрхæссæд Дунедарæгæн
донгонд гуылты чыргъæдимæ; сауджын-иу
хойраджы хуын æмæ сæнæй дæр скувæд.
18Фембæлды Цатыры раз алвынæд назир
йæ сæры хил — йæ сомыйы нысан — æмæ
йæ, фидыды нывонд цы артыл фæсудзынц,
уым баппарæд. 19Назир йæ сæры хил куы
алвына, уæд сауджын хъуамæ сиса фыры
фых базыг, иу донгонд гуыл æмæ иу донгонд
тæнæг æмæ сæ назиры æрмттыл æрæвæра.
20Æмæ сæ сауджын хъуамæ хæрдмæ сиса
Дунедарæджы раз. Уыдон сты уаз — сауджы-
ны хай, нывонды кæразимаг æмæ сгуыйæн
уæлæмхасæн. Уый фæстæ назирæн сæн ну-
азыны бар ис.

21Уый — сомы ракæнæг назиры æгъдау.
Назир Дунедарæгæн нывонд хæссы, æгъ-
дау куыд домы, афтæ æмæ ма уымæй уæл-
дай — йæ бон цы у, уый. Цы сомы ракодта,
уый йын, назиры æгъдаумæ гæсгæ, афтæ
æххæстгæнгæ у».

22Дунедарæг Моисейæн загъта: 23«Фехъу-
сын кæн Аарон æмæ йæ фырттæн: афтæ-иу
арфæ кæнут израилæгтæн:

24 „Арфæ дын ракæнæд Дунедарæг
æмæ дæ бахъахъхъæнæд!
25 Дунедарæг дæм рухс цæстæй ракæсæд
æмæ дын батæригъæд кæнæд!
26 Йе ’ргом дæм раздахæд Дунедарæг
æмæ дæ Йæ фарнæй
схайджын кæнæд!“

27Афтæ Мын арæнт Мæ ном израилæг-
ты сæраппонд, æмæ сыл Æз Мæ арфæ
æруадздзынæн».

**7** Моисей Уаз Цæрæн куы сæвæрдта, уæд
æй байсæрста æмæ срухс кодта йе ’ппæт
мигæнæнтимæ, стæй нывондхæссæн æмæ
нывондхæссæны æппæт мигæнæнтæ дæр.
Иууылдæр сæ байсæрста æмæ сæ срухс кодта.
2Уый фæстæ израилæгты фæтæгтæ, сфыст
кæй бæрны уыд, хæдзарвæндæгты уыцы хис-
тæртæ æрбацыдысты 3æмæ Дунедарæджы
размæ сæмбæлын кодтой сæ хуын: æхсæз
æмбæрзт уæрдоны æмæ дыууадæс стуры; иу
уæрдон алы дыууæ фæтæгæй æмæ фæйнæ
галы алы фæтæгæй дæр. Галтæ æмæ уæр-
дæттæ Уаз Цæрæны размæ æрбацыдысты.

4Дунедарæг Моисейæн загъта: 5«Райс сæ
Фембæлды Цатыры куыстытæн æмæ сæ ле-
витты ’хсæн адих кæн, кæй дзы цы хъæуы йæ
куысты, уымæ гæсгæ». 6Моисей уæрдæттæ
æмæ галты левиттæн байуæрста. 7Дыууæ
уæрдоны æмæ цыппар галы Гершоны бай-
зæддæгтæн радта сæ куысты æууæлтæм
гæсгæ, 8цыппар уæрдоны æмæ аст галы та —
Мерарийы байзæддæгтæн, цæмæй сауджын
Аароны фырт Итамары разамындæй кусой.
9Кехаты байзæддæгтæн та ницы радта, уы-
мæн æмæ уыдонæн сæ лæггад уаз дзаумати-
мæ баст уыди — сæ уæхсчытыл сæ хъуамæ
хастаиккой.

10Нывондхæссæн срухс кæныны кадæн
йæ байсæрдыны бон фæтæгтæ нывæндтæ
æрхастой. Сæ хуынтимæ нывондхæссæны
раз æрлæууыдысты, 11æмæ Дунедарæг Мо-
сейæн загъта: «Фæтæгтæ радыгай, алчи йæ
боны, хæссæнт сæ хуынтæ нывондхæссæн
срухс кæныны кадæн».

12Фыццаг бон йæ хуынимæ æрбалæууыди
Нахшон, Аминадавы фырт, Иудæйы мыг-
гагæй. 13Йæ хуын: дæс æмæ æхсæзыссæдз
шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ æмæ дæс
æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн æвзист хъа-
лац, кувæндоны шекелтæй баргæйæ; дыууæ
дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй семыдзаг,
хойраджы хуынæн; 14дæс шекелы уæзæн
сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг; 15гал,
фыр æмæ фыргуист — иууылсудзинаг ны-
вондæн; 16цæу — тæригъæды нывондæн;
17дыууæ галы, фондз фыры, фондз цæуы,
фондз фыргуисты — фидыды нывондæн;
уый — Нахшоны, Аминадавы фырты, хуын.

18Дыккаг бон йæ хуын сæмбæлын кодта
Нетанел, Цуары фырт, Иссахары мыггаджы
фæтæг. 19Йæ хуын: дæс æмæ æхсæзыссæдз
шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ æмæ дæс
æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн æвзист хъа-
лац, кувæндоны шекелтæй баргæйæ, дыууæ
дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй семыдзаг,
хойраджы хуынæн; 20дæс шекелы уæзæн
сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг; 21гал,
фыр æмæ фыргуист — иууылсудзинаг ны-
вондæн; 22цæу — тæригъæды нывондæн;
23дыууæ галы, фондз фыры, фондз цæуы,
фондз фыргуисты — фидыды нывондæн;
уый — Нетанелы, Цуары фырты, хуын.

24Æртыккаг бон йæ хуын сæмбæлын кодта
Зевулоны байзæддæгты фæтæг Елиав, Хело-
ны фырт. 25Йæ хуын: дæс æмæ æхсæзыссæдз
шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ æмæ дæс

æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн æвзист хъа-
лац, кувæндоны шекелтæй баргæйæ, дыууæ
дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй семыдзаг,
хойраджы хуынæн; 26дæс шекелы уæзæн
сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг; 27гал,
фыр, фыргуист — иуулсудзинаг нывондæн;
28цæу — тæригъæды нывондæн; 29дыууæ
галы, фондз фыры, фондз цæуы, фондз фыр-
гуисты — фидыды нывондæн; уый — Елиавы,
Хелоны фырты, хуын.
30Цыппæрæм бон йæ хуын сæмбæлын
кодта Рувимы байзæддæгты фæтæг Ели-
цур, Шедеуры фырт. 31Йæ хуын: дæс æмæ
æхсæзыссæдз шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ
æмæ дæс æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн æв-
зист хъалац, кувæндоны шекелтæй баргæйæ,
дыууæ дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй
семыдзаг, хойраджы хуынæн; 32дæс шекелы
уæзæн сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг;
33гал, фыр, фыргуист — иуулсудзинаг ны-
вондæн; 34цæу — тæригъæды нывондæн;
35дыууæ галы, фондз фыры, фондз цæуы,
фондз фыргуисты — фидыды нывондæн;
уый — Елицуры, Шедеуры фырты, хуын.
36Фæндзæм бон йæ хуын сæмбæлын кодта
Симеоны байзæддæгты фæтæг Шелумиел,
Цуришаддайы фырт.
37Йæ хуын: дæс æмæ æхсæзыссæдз ше-
келы уæзæн æвзист тæбæгъ æмæ дæс æмæ
æртиссæдз шекелы уæзæн æвзист хъалац,
кувæндоны шекелтæй баргæйæ, дыууæ
дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй семыдзаг,
хойраджы хуынæн; 38дæс шекелы уæзæн
сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг; 39гал,
фыр, фыргуист — иуулсудзинаг нывондæн;
40цæу — тæригъæды нывондæн; 41дыууæ
галы, фондз фыры, фондз цæуы, фондз фыр-
гуисты — фидыды нывондæн; уый — Шелу-
миелы, Цуришаддайы фырты, хуын.
42Æхсæзæм бон йæ хуын сæмбæлын кодта
Гады байзæддæгты фæтæг Елйасаф, Деуелы
фырт. 43Йæ хуын: дæс æмæ æхсæзыссæдз
шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ æмæ дæс
æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн æвзист хъа-
лац, кувæндоны шекелтæй баргæйæ, дыууæ
дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй семыдзаг,
хойраджы хуынæн; 44дæс шекелы уæзæн
сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг; 45гал,
фыр, фыргуист — иуулсудзинаг нывондæн;
46цæу — тæригъæды нывондæн; 47дыууæ
галы, фондз фыры, фондз цæуы, фондз фыр-
гуисты — фидыды нывондæн; уый — Елйа-
сафы, Деуелы фырты, хуын.
48Æвдæм бон йæ хуын сæмбæлын код-
та Ефремы байзæддæгты фæтæг Елишама,
Аммиуды фырт. 49Йæ хуын: дæс æмæ æх-
сæзыссæдз шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ
æмæ дæс æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн
æвзист хъалац, кувæндоны шекелтæй баргæ-
йæ, дыууæ дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй
семыдзаг, хойраджы хуынæн; 50дæс шекелы
уæзæн сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг;
51гал, фыр, фыргуист — иуулсудзинаг ны-
вондæн; 52цæу — тæригъæды нывондæн;
53дыууæ галы, фондз фыры, фондз цæуы,
фондз фыргуисты — фидыды нывондæн;
уый — Елишамайы, Аммиуды фырты, хуын.
54Æстæм бон йæ хуын сæмбæлын кодта
Менассиайы байзæддæгты фæтæг Гамлиел,
Педацуры фырт. 55Йæ хуын: дæс æмæ æх-
сæзыссæдз шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ
æмæ дæс æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн
æвзист хъалац, кувæндоны шекелтæй баргæ-
йæ, дыууæ дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй
семыдзаг, хойраджы хуынæн; 56дæс шекелы
уæзæн сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг;
57гал, фыр, фыргуист — иуулсудзинаг ны-
вондæн; 58цæу — тæригъæды нывондæн;
59дыууæ галы, фондз фыры, фондз цæуы,
фондз фыргуисты — фидыды нывондæн;
уый — Гамлиелы, Педацуры фырты, хуын.
60Фарæстæм бон йæ хуын сæмбæлын кодта
Бениамины байзæддæгты фæтæг Авидан,
Гидеонийы фырт. 61Йæ хуын: дæс æмæ æх-
сæзыссæдз шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ
æмæ дæс æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн
æвзист хъалац, кувæндоны шекелтæй баргæ-
йæ, дыууæ дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй
семыдзаг, хойраджы хуынæн; 62дæс шекелы
уæзæн сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг;
63гал, фыр, фыргуист — иуулсудзинаг ны-
вондæн; 64цæу — тæригъæды нывондæн;
65дыууæ стуры, фондз фыры, фондз цæуы,
фондз фыргуисты — фидыды нывондæн;
уый — Авиданы, Гидеонийы фырты, хуын.
66Дæсæм бон йæ хуын сæмбæлын кодта Даны
байзæддæгты фæтæг Ахиезер, Амишаддайы
фырт. 67Йæ хуын: дæс æмæ æхсæзыссæдз шеке-
лы уæзæн æвзист тæбæгъ æмæ дæс æмæ æртис-
сæдз шекелы уæзæн æвзист хъалац, кувæндоны
шекелтæй баргæйæ, дыууæ дæр — сойхæццæ
мæнæуы ссадæй семыдзаг, хойраджы хуынæн;
68дæс шекелы уæзæн сыгъзæрин куыси, будæй
йемыдзаг; 69гал, фыр, фыргуист — иуулсудзи-
наг нывондæн; 70цæу — тæригъæды нывондæн;
71дыууæ галы, фондз фыры, фондз цæуы, фондз
фыргуисты — фидыды нывондæн; уый — Ахи-
езеры, Амишаддайы фырты, хуын.
72Иуæндæсæм бон йæ хуын сæмбæлын
кодта Асиры байзæддæгты фæтæг Пагиел,

Охраны фырт. 73Йæ хуын: дæс æмæ æхсæ-
зыссæдз шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ æмæ
дæс æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн æв-
зист хъалац, кувæндоны шекелтæй баргæйæ,
дыууæ дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй
семыдзаг, хойраджы хуынæн; 74дæс шекелы
уæзæн сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг;
75гал, фыр, фыргуист — иуулсудзинаг ны-
вондæн; 76цæу — тæригъæды нывондæн;
77дыууæ галы, фондз фыры, фондз цæуы,
фондз фыргуисты — фидыды нывондæн;
уый — Пагиелы, Охраны фырты, хуын.

78Дыууадæсæм бон йæ хуын сæмбæлын
кодта Неффалимы байзæддæгты фæтæг
Ахира, Енаны фырт. 79Йæ хуын: дæс æмæ
æхсæзыссæдз шекелы уæзæн æвзист тæбæгъ
æмæ дæс æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн æв-
зист хъалац, кувæндоны шекелтæй баргæйæ,
дыууæ дæр — сойхæццæ мæнæуы ссадæй
семыдзаг, хойраджы хуынæн; 80дæс шекелы
уæзæн сыгъзæрин куыси, будæй йемыдзаг;
81гал, фыр, фыргуист — иуулсудзинаг ны-
вондæн; 82цæу — тæригъæды нывондæн;
83дыууæ галы, фондз фыры, фондз цæуы,
фондз фыргуисты — фидыды нывондæн;
уый — Ахирайы, Енаны фырты, хуын.

84Мæнæ, нывондхæссæн срухс кæныны ка-
дæн Израилы фæтæгтæ йæ байсæрдыны бон
цы лæвæрттæ æрбахастой, уыдон: дыууадæс
æвзист тæбæгъы, дыууадæс æвзист хъалацы,
дыууадæс сыгъзæрин куысийы; 85дæс æмæ
æхсæзыссæдз шекелы уæзæн — алы тæбæгъ дæр,
дæс æмæ æртиссæдз шекелы уæзæн — алы хъа-
лац дæр; уыцы мигæнæнты æвзист æдæппæтæй,
кувæндоны шекелтæй баргæйæ, æрласта дыууæ
мин цыппарсæдæ шекелы. 86Хæрздæфгæнæн-
тæй семыдзаг дыууадæс сыгъзæрин куысийы
уæз (алы куыси дæр — кувæндоны дæс шекелы
уæзæн) иумæ уыди сæдæ дыууын сыгъзæрин
шекелы; 87иуулсудзинаг нывæндтæ æдæп-
пæтæй — дыууадæс галы, дыууадæс фыры,
дыууадæс фыргуисты; дыууадæс цæуы — тæ-
ригъæды нывондæн; 88цыппар æмæ ссæдз галы,
æртиссæдз фыры, æртиссæдз цæуы, æртиссæдз
фыргуисты — фидыды нывæндтæ.

Ахæм хуынтæ æрбахастой нывондхæссæн
срухс кæныны кадæн йæ байсæрсты фæстæ.

89Моисей-иу куы бацыди Фембæлды ца-
тырмæ, Дунедарæгимæ дзурынмæ, уæд-иу
Фидыды Чырыны сæрмæ дыууæ херуви-
мы астæуæй хъуыста хъæлæс. Ахæм хуызы
дзырдта Дунедарæг йемæ.

**8** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Ааро-
нæн зæгъ: цырæгътæ афтæ равæрæд, авд
цырагъы цырагъдарæны раз куыд рухс
кæной».

3Аарон афтæ бакодта: цырагъдарæныл
цырæгътæ, Дунедарæг Моисейæн куыд загъ-
та, афтæ равæрдта. 4Цырагъдарæн та æнæ-
хъæнæй дæр сыгъзæринæй конд уыди, йæ
зæнгæй йæ сыфты онг — сыгъзæрин цагъд;
Дунедарæг ын цы хуызæг фенын кодта, уый
халдихæн сарæзта Моисей цырагъдарæн.

5Дунедарæг Моисейæн загъта: 6«Фæхи-
цæн кæн левитты израилæгтæй æмæ сæ
ссыгъдæг кæн. 7Цæмæй ссыгъдæг уой, уый
тыххæй та сын бакæн афтæ: бапырх сыл кæн
тæригъæд сыгъдæггæнæн дон, сæрдасæнæй
æрдасæнт сæ буар æнæхъæнæй, сæ дарæс
цæхсæнт, æмæ уæд ссыгъдæг уыдзысты.
8Æрбакæнæнт гал, йемæ йын æрбахæссæнт
сойхæццæ æвзаргæ мæнæуы ссадæй хой-
раджы хуын. Дыккаг гал та — тæригъæды
нывондæн. 9Æрлæууын кæн левитты Фем-
бæлды Цатыры раз æмæ Израилы дзыллæйы
æрбамбырд кæн. 10Левитты Дунедарæджы
раз куы æрлæууын кæнай, уæд сыл израи-
лæгтæ сæ къухтæ æрæвæрæнт, 11æмæ, куыд
израилæгты лæвар, афтæ снывонд кæнæд
левитты Дунедарæгæн Аарон. Уый фæстæ
левиттæн сæ бон у Дунедарæгæн лæггад
кæнын. 12Левиттæ та сæ къухтæ æрæвæрæнт
галты сæртыл: сæ иу æрхæсдзысты тæри-
гъæды нывондæн, иннæ — Дунедарæгæн
иуулсудзинаг нывондæн, цæмæй левиттæ
сæ тæригъæдтæй ссыгъдæг уой.

13Æрлæууын кæн левитты Аарон æмæ йæ
фыртты раз æмæ сын сæ ратт Дунедарæгæн
хаст нывондау. 14Фæхицæн кæн левитты
израилæгтæй — левиттæ Мæн хъуамæ уой.
15Куы сæ ссыгъдæг кæнай æмæ сæ Дунеда-
рæгæн хаст нывондау куы раттай, уæд ле-
виттæн сæ бон у бацæуын æмæ Фембæлды
Цатыры лæггад кæнын. 16Мæнæн лæвæрд
сты уыдон иннæ израилæгты ’хсæн. Мады
гуыбыны фыццаг гуырдзы ныхмæ, изра-
илæгты фыццаг зæнæджы ныхмæ сæ Æз
райстон Мæхицæн. 17Израилы фыццаг цæ-
уæт — адæмæй, фосæй — Мæн сты. Мысыры
фыццаг зæнæджы куы ныццагътон, уæд сæ
Мæхицæн рахицæн æмæ срухс кодтон. 18Ныр
та израилæгты фыццаг зæнæджы ныхмæ Æз
Мæхицæн левитты райстон. 19Израилæгты
’хсæнæй левитты рахицæн кодтон æмæ сæ
Аарон æмæ йæ фырттæн радтон. Æппæт
израилæгты бæсты хъуамæ левиттæ Фем-
бæлды Цатыры лæггад кæной. Израилæгтæн
уыдон уыдзысты Фиддоны нывонды бæсты.
Израилæгтæ та Уаз Цæрæнмæ æввахс нæ

цæудзысты, цæмæй сыл мацы фыдбылыз
æрцæуа».
20Моисей, Аарон æмæ Израилы дзыллæ
ииуылдæр, Дунедарæг Моисейæн левитты
тыххæй куыд загъта, растдæриддæр афтæ
бакодтой. 21Ссыгъдæг сты левиттæ æмæ
цæхсадтой сæ дарæстæ. Аарон сæ нывондау
Дунедарæджы размæ бакодта, ссыгъдæг сæ
кодта Аарон, æмæ уыйадыл сыгъдæг уы-
дысты. 22Уый фæстæ левиттæ Фембæлды
Цатыры лæггад кæнын райдыдтой Аарон
æмæ йæ фыртты разамындæй. Дунедарæг
Моисейæн левитты тыххæй куыддæриддæр
загъта, афтæ бакодтой.
23Дунедарæг Моисейæн загъта: 24«Левиты
хъуыддаг хъуамæ уа афтæ: фондз æмæ ссæдз
азы йыл куы сæххæст уа, уæдæй фæстæмæ
левит лæггад кæнæд Фембæлды Цатыры.
25Йæ дæс æмæ дыууиссæдз азы йæхи куы
фæуой, уæд ныууадзæд йæ лæггад — хъуамæ
мауал куса. 26Фембæлды Цатыр кæй бæрны
ис, йæ уыцы æфсымæртæн æххуыс кæнæд,
фæлæ йæхæдæг мауал кусæд.
Ахæм уынаффæтæ хъуамæ рахæссай ды
левитты лæггады фæдыл».

**9** Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн Синайы
æдзæрæг быдыры, Мысырæй куы рацыдыс-
ты, уымæн йæ дыккаг азы фыццаг мæйно-
джы: 2«Йæ афоныл кæнæнт израилæгтæ
Куадзæн. 3Йæ афоныл æй кæнут, ацы мæ-
йæн æй йæ цыппæрдæсæм бон, изæрмилты,
фæтк æмæ æгъдау куыддæриддæр домынц,
афтæ скæнут».
4Моисей загъта израилæгтæн, цæмæй
Куадзæн скæной, 5æмæ Синайы æдзæрæг
быдыры фыццаг мæйы цыппæрдæсæм бон
изæрмилты скодтой Куадзæн. Алцыдæр,
Дунедарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста,
растдæриддæр афтæ бакодтой израилæгтæ.
6Ахæмтæ уыди, марды буарыл чи андзæ-
выд æмæ чи фæчъизи ис. Уыдонæн уыцы
бон Куадзæны бæрæгбон скæнæн нæ уыди,
æмæ тæккæ уыцы бон бацыдысты Моисей
æмæ Ааронмæ 7æмæ загътой: «Мах мар-
ды буарыл андзæвыдыстæм æмæ сыгъдæг
не стæм. Ау, иннæ израилæгтимæ нын йæ
афоныл Дунедарæгæн нывонд æрхæссыны
бар нæй?» 8Моисей загъта: «Фæлæууут мæм
ам, æмæ æз байхъусон, Дунедарæг уын цы
зæгъдзæн, уымæ».
9Дунедарæг Моисейæн загъта: 10«Фехъусын
кæн израилæгтæн: уæхицæй кæнæ уæ бай-
зæддагæй исчи, марды буармæ февналгæйæ,
куы фæчъизи уа кæнæ дард фæндагыл куы уа,
уæддæр хъуамæ Дунедарæджы Куадзæн скæ-
на. 11Дыккаг мæйы цыппæрдæсæм бон æй
изæрмилты скæнæд, донгонд гуылтæ æмæ
маст зайæгхæлттимæ бахæрæд йæ Куадзæны
уæрыкк. 12Райсоммæ дзы мацыуал ныууа-
дзæд æмæ йын йе стджытæй мацы асæттæд:
Куадзæны фæтк хъуамæ мацæмæй фехала.
13Сыгъдæг чи у, фæндагыл чи нæ уыд æмæ
афтæмæй Куадзæны нывонд чи не ’рхаста,
уый йæ адæмæй фæхъæудзæн, уымæн æмæ
Дунедарæгæн йæ афоныл нывонд не ’рхаста;
тæригъæды азар баййафдзæн уыцы адæйма-
джы. 14Уе ’хсæн цæрæг æрцæуæггаджы куы
фæнда Дунедарæджы Куадзæн скæнын, уæд
æй хъуамæ Куадзæны фæтк æмæ æгъдаумæ
гæсгæ скæна — уыцы иу уагæвæрдтæ уæм
хъуамæ уа æцæгæлонæн дæр æмæ бынæттон
цæрæгæн дæр».
15Цы бон æвæрд æрцыди, уыцы бон Уаз Цæ-
рæн ииуылдæр мигъы аныгъуылд, изæрæй
райсоммæ та, цыма йæ сæрмæ арт судзы, афтæ
зынди. 16Уæдæй фæстæмæ афтæ уыди кæддæ-
риддæр: Уаз Цæрæн-иу мигъ æрбамбæрзта,
æхсæвыгон та, цыма йæ сæрмæ арт судзы,
афтæ зынди. 17Мигъ-иу йæхи куы систа Уаз
Цæрæнæй, уæд-иу израилæгтæ сæ фæндаг
адардтой, мигъ-иу кæм æрбадт, уым та-иу
рæсæнуат скодтой. 18Дунедарæджы амын-
дæй-иу ацыдысты сæ фæндагыл израилæгтæ
æмæ-иу Дунедарæджы амындæй æрлæууы-
дысты: цалынмæ-иу Уаз Цæрæны сæрмæ мигъ
бадти, уæдмæ сæ бынатæй не змæлыдысты.
19Мигъ-иу дæргъвæтин рæстæг йæхи куы нæ
иста Уаз Цæрæнæй, уæд-иу израилæгтæ æнцад
лæууыдысты — æххæст кодтой Дунедарæджы
фæндон. 20Мигъ-иу цалдæр боны куы бадти
Уаз Цæрæны сæрмæ, уæд-иу израилæгтæ, Ду-
недарæджы амындæй, сæ бынаты лæууыдыс-
ты æмæ-иу стæй, Дунедарæджы амындæй, сæ
фæндаг дарддæр кодтой. 21Мигъ-иу йæ бынаты
æрмæстдæр изæрæй райсоммæ куы лæууыди,
уæд-иу уыдон дæр, райсомæй-иу куыддæр
йæхи систа, афтæ цæуынмæ фесты. Мигъ-иу
йæ бынаты иунæг бон æмæ иунæг æхсæв куы
лæууыд æмæ-иу стæй йæхи куы систа, уæд-иу
уыдон дæр уайсахат цæуынмæ фесты. 22Дыууæ
боны, мæй æви фылдæр, цасфæнды лæууæд
мигъ Уаз Цæрæны сæрмæ — сæ бынаты лæу-
уыдысты израилæгтæ æмæ фæндаджы кой
нæ кодтой, фæлæ-иу мигъ йæхи куы систа,
уæд-иу уайтагъд цæуынмæ фесты. 23Дунеда-
рæджы амындæй-иу æрлæууыдысты æмæ-иу
Дунедарæджы амындæй дарддæр сæ фæндаг
кодтой. Дунедарæг Моисейæн куыд бафæ-
дзæхста, афтæ кодтой.

**10** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Рацæгъд
дæхицæн дыууæ æвзист сыкъауадындзы, æмæ
дын ахъаз уыдзысты дзыллæмæ фæсидынæн
æмæ рæсæнуæттæ сæ бынатæй фенкъуысын
кæнынæн. 3Дыууæ уадындзы уастмæ дæм
æгас дзыллæ дæр хъуамæ Фембæлды Цатыры
къæсæрмæ æрбалæууа, 4сæ иуы уастмæ та
хъуамæ æрбамбырд уой æрмæстдæр фæтæгтæ,
Израилы мингæйтты раздзæуджытæ. 5Сыкъа-
уадындзтæ фæдисы уаст куы ныккæной, уæд
сæ фæндаг дарæнт, скæсæны чи лæууыд, уыцы
æфсæдтæ; 6сыкъауадындзтæ дыккаг хатт куы
ныккæной фæдисы уаст, уæд та, хуссары чи
лæууыд, уыдон фæдисы уастмæ сæ бынатæй
фенкъуысынц. 7Æмбырдмæ сидгæйæ дæр
сыкъауадындзтæй уасгæ у, æрмæст хуымæ-
тæджы уаст. 8Аароны фырттæ, сауджынтæ,
уасæнт сыкъауадындзтæй; уый уын — мыг-
гагмæйы уагæвæрд, фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
9Знаг уæм куы æрбабырса æмæ йæ ных-
мæ куы хæцат уæ зæххыл, уæд-иу фæдисы
уаст ныккæнут сыкъауадындзтæй, æмæ Йæ
зæрдыл æрбалæудзыстут Дунедарæгæн, уæ
Хуыцауæн, æмæ фервæздзыстут уе знæгтæй.
10Уæ цины бонты, уæ бæрæгбæтты æмæ
уæ алы мæйноджы, сыкъауадындзтæй уасут,
иууылсудзинаг нывæндтæ æмæ фидыды
нывæндтæ хæсгæйæ, æмæ-иу уый фæрцы
Йæ зæрдыл æрлæудзыстут Дунедарæгæн,
уæ Хуыцауæн; Æз — Дунедарæг, уæ Хуыцау».
11Дыккаг азæн йæ дыккаг мæйы ссæдзæм
бон мигъ йæхи систа Фембæлды Цатырæй,
12æмæ араст сты израилæгтæ Синайы æдзæ-
рæг быдырæй. Параны æдзæрæг быдыры
мигъ йæхи æруагъта. 13Уæд фыццаг хатт
сыстадысты сæ бынатæй, Дунедарæг Мои-
сейæн куыд бафæдзæхста, афтæ.
14Фыццаг уал, къорд къорды фæдыл, араст
ис Иудæйы байзæддæгты æфсад, сæ ра-
зæй — Нахшон, Аминадавы фырт. 15Иссахары
байзæддæгты æфсадæн сæ разæй — Нета-
нел, Цуары фырт. 16Зевулоны байзæддæгты
æфсадæн — Елиав, Хелоны фырт.
17Уый фæстæ ист æрцыди Уаз Цæрæн. Гер-
шоны фырттæ æмæ Мерарийы фырттæ сис-
той Уаз Цæрæн æмæ сæ фæндаг адардтой.
18Уый фæстæ, къорд къорды фæдыл, йæ
бынатæй фенкъуысти Рувимы æфсад, сæ
разæй — Елицур, Шедеуры фырт.
19Симеоны байзæддæгты æфсады разæй —
Шелумиел, Цуришаддайы фырт; 20Гады
байзæддæгты æфсады разæй — Елйасаф,
Деуелы фырт.
21Уый фæстæ Кехаты байзæддæгтæ уаз
дзауматæ систой æмæ сæ фæндаг адардтой.
(Сæ бацыдмæ Уаз Цæрæн хъуамæ ног бынаты
æвæрд æрцыдаид.)
22Уый фæстæ, къорд къорды фæдыл, араст
ис Ефремы байзæддæгты æфсад, сæ разæй —
Елишама, Аммиуды фырт. 23Менассиайы
байзæддæгты æфсады разæй — Гамлиел,
Педацуры фырт. 24Бениамины байзæддæгты
æфсады разæй — Авидан, Гидеонийы фырт.
25Æппæты фæстæ йæ бынатæй, къорд
къорды фæдыл, фенкъуысти Даны байзæд-
дæгты æфсад, йæ разæй — Ахиезер, Амишад-
дайы фырт. 26Асиры байзæддæгты æфсады
разæй — Пагиел, Охраны фырт. 27Неффали-
мы байзæддæгты æфсады разæй — Ахира,
Енаны фырт.
28Уый — израилæгты цыды фæтк фæнда-
гыл, къорд къорды фæдыл.
29Моисей загъта Ховавæн, Реуелы фыртæн,
йæ мидианаг каисæн: «Мах цæуæм, Дуне-
дарæг нын раттынæй зæрдæ цы бæстæй
бавæрдта, уырдæм. Цом махимæ, æмæ дын
хорзы бацæудзыстæм, уымæн æмæ Дуне-
дарæг Израилæн бирæ хæрзтæй зæрдæ ба-
вæрдта». 30Фæлæ уый загъта: «Нæ цæуын,
фæлтау мæхи бæстæм, мæ фыды зæхмæ
аздæхдзынæн». 31Моисей йын загъта: «Ма нæ
ныуудз! Ды æдзæрæг быдыры, рæсæнуатæн
чи бæззы, ахæм бынæттæ хорз зоныс æмæ
нын фæндаг бацамон. 32Немæ куы ацæуай,
уæд дæу дæр, Дунедарæгæй нæ цы хорзæх
уа, уымæй схайджын кæндзыстæм».
33Араст сты Дунедарæджы хохæй æмæ
æртæ боны фæцыдысты. Дунедарæджы Фи-
дыды Чырын æртæ бонцауы раздæр цыди сæ
разæй, цæмæй сын, æхсæв кæм æрлæууой,
уыцы бынæттæ амона. 34Боныгон-иу рæсæн-
уатæй куы рацыдысты, уæд та Дунедарæджы
мигъ уыди сæ сæрмæ.
35Фидыды Чырын-иу куы фезмæлыди,
уæд-иу Моисей загъта:

«Раст, Дунедарæг!
Ныххæлиу уæнт Де знæгтæ,
Дæ разæй лидзæнт Дæ фыдгултæ!»

36Фидыды Чырын-иу куы ’рлæууыд, уæд
та дзырдта:

«Раздæх, æнæнымæц израилæгты
Дунедарæг!»

**11** Адæм хъуыр-хъуыр кодтой, æмæ сæ
Дунедарæг хъуыста. Куы сæ фехъуыста, уæд
сæм Йæ маст рафыхти, ныггуыпп кодта Ду-
недарæджы арт æмæ рæсæнуаты кæрон
аныхъуырдта. 2Адæм Моисейæн лæгъстæ
кæнын райдыдтой; Моисей Дунедарæгмæ
скуывта, æмæ арт ахуыссыд. 3Уыцы бынат

схуыдтой Тавера, уымæн æмæ уыцы ран се
’хсæн Дунедарæджы арт ныггуыпп ласта.
4Æндæрмыггаг адæмтæй семæ чи бамбал
ис, уыдонæн сæ зæрдæ алцытæ агуырдта,
æмæ та уыдонмæ гæсгæ ногæй сдзынæзтой
израилæгтæ дæр: «Ныр дзидзайы комдзаг
дæ дзыхы акæн! 5Мысыры нын лæвар бæргæ
лæвæрдтой кæсæгтæ, джитъритæ, неситæ,
зайæгхæлттæ, хъæдындзтæ, нурытæ! 6Ам
та маннæ йеддæмæ ницы уынæм, æмæ нæ
удтæ бастадысты».
7Маннæ у хъонтхорайы мыггаджы æнгæс,
хуызæй — хæрздæфгæнаг хус чъиуы хуызæн.
8Адæм цыдысты æмæ йæ æмбырд кодтой,
æрмгуырæйтты йæ ссадтой, нурыхойæн-
ты йæ хостой, афтæмæй йæ аджы фыхтой,
гуылтæ дзы кодтой, æмæ сын сойыфыхы
ад уыди. 9Æхсæвы æртæхимæ-иу фæзынди
маннæ дæр.
10Фехъуыста Моисей, адæмæй алчи йæ
бинонтимæ йæ цатыры бахизæны раз кæй
кæуы, уый. Рафыхти сæм Дунедарæджы
маст, æмæ бамæгуыр ис Моисейы зæрдæ.
11Загъта Дунедарæгæн: «Дæ цагъары цæуыл
удхарæй марыс, цы ракодта? Æппæт ацы
адæмы мын ме ’ккой цæмæн сæвæрдтай?
12Ацы адæмы æз равзæрын кодтон исты,
æз сæ ныййардтон? Мæ хъæбысы мын сæ,
дыджызæ дзидзидайы куыд хæсса, уыйау
цæмæн хæссын кæныс, сæ фыдæлтæн сын
зæрдæ цы зæххæй бавæрдтай, уырдæм?
13Æппæт ацы адæмæн æз дзидза кæцæй
хъуамæ æрхæссон, куы кæуынц æмæ мæ
дзидза куы агурынц, уæд? 14Утæппæт адæмы
бæрны цæуын мын иунæгæй зын у, уыцы
уаргъ хæссын нæ фæразын. 15Кæд мын Дæ
цæст æндæр ницы уарзы, уæд мын фæлтау
уыцы хорзæх ракæн, æмæ мæ амар, цæмæй
мæ хъизæмарæй фервæзон».
16Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн: «Æр-
бамбырд Мæм кæн Израилы хистæртæй дæс
æмæ æртиссæдзы — Израилы хистæртæ, йæ
раздзæуджытæ сты, зæгъгæ, кæмæй зæгъ-
дзынæ, ахæм лæгты. Фембæлды Цатыры
размæ сæ æрбахон, æмæ æрлæууæнт уыцы
ран демæ. 17Æз раргом уыдзынæн уым æмæ
демæ дзурдзынæн. Цы Уд дыл ис, уымæй
райсдзынæн æмæ дзы уыцы лæгты схай-
джын кæндзынæн, цæмæй ацы адæмыл мæт
кæной демæ æмæ ды уыцы уаргъ иунæгæй
мауал хæссай. 18Адæмæн та зæгъ, цæмæй
райсоммæ сæхи ссыгъдæг кæной æмæ дзидза
хæрынмæ цæттæ уой. Дунедарæгмæ, зæгъ,
дзынæзтат, фыдызгъæл домдтат, Мысыры
уын хуыздæр уыди, дзырдтат. Уæдæ уын
Дунедарæг фыдызгъæл ратдзæни æмæ дзы
уæхи бафсаддзыстут. 19Иу бон, дыууæ боны,
фондз, дæс кæнæ ссæдз боны йæ нæ хæр-
дзыстут, 20фæлæ æнæхъæн мæй, цалынмæ
уæ хъæлæсæй кæлын байдайа æмæ йыл æлгъ
кæнын райдайат, уæдмæ! Уый уын, уе ’хсæн
Чи ис, Уыцы Дунедарæгыл уæхи кæй атигъ
кодтат, Йæ разы кæй дзынæзтат æмæ, Мы-
сырæй цæмæн рацыдыстæм, зæгъгæ, кæй
хъуыр-хъуыр кодтат, уый тыххæй».
21Моисей загъта: «Ам, мемæ, фистæг хæс-
тонтæ æхсæзсæдæ мины ис, Ды та афтæ
зæгъыс, мæйваг сын фыдызгъæл ратдзынæн,
зæгъгæ. 22Лыстæг фос æмæ нæм стуртæй цы
ис, уыдон иууылдæр куы аргæвдæм, уæд дæр
куынæ сфаг уыдзысты! Кæсаджы мыггагæй
денджызы цы ис, уыдон иууылдæр куы æр-
цахсæм, уæд дæр куынæ сфаг уыдзысты!»
23Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн: «Исты
Дунедарæджы къух цыбыр у? Мæ ныхас куыд
æрцæудзæн, уымæ-иу уæдæ дæхæдæг кæс!»
24Рацыди Моисей адæммæ æмæ сын фе-
хъусын кодта Дунедарæджы ныхæстæ. Дæс
æмæ æртиссæдз хистæры æрбамбырд кодта
æмæ сæ Фембæлды Цатыры алыварс æрлæу-
уын кодта. 25Дунедарæг æврагъы раргом ис
æмæ ныхас кодта Моисеимæ. Райста, цы Уд
ыл уыдис, уымæй æмæ дзы æвдай хистæ-
ры схайджын кодта. Хистæртæ Удæй куы
схайджын сты, уæд пехуымпариуæг кæнын
райдыдтой, фæлæ сын уый бирæ нæ ахаста.
26Дыууæ лæджы, сæ иуы ном — Елдад,
иннæйы ном — Медад, рæсæнуатæй æддæ-
мæ нæ ракастысты. Хистæрты номхыгъды
уыдысты, фæлæ Цатыры размæ не ’рбацы-
дысты. Фæлæ уæддæр Хуыцауы Удæй схай-
джын сты æмæ рæсæнуаты пехуымпариуæг
кодтой. 27Æрбазгъордта лæггадгæнæг æмæ
фехъусын кодта Моисейæн: «Елдад æмæ Ме-
дад рæсæнуаты пехуымпариуæг кæнынц!»
28Йешуа, Нуны фырт, йе ’рыгонæй фæс-
тæмæ Моисейы æххуысгæнæг чи уыд, уый
фæхъæр кодта: «Моисей, мæ бардар, бауром
сæ!» 29Фæлæ йын Моисей загъта: «Уыцы æну-
выдæй мæ сæрыл хæцыс, мыййаг? Тæхуды
æмæ Дунедарæджы адæм иууылдæр пеху-
ымпартæ куы уаиккой! Тæхуды, æмæ сæ
Дунедарæг куы схайджын кæнид Йæ Удæй!»
30Æмæ Моисей Израилы хистæртимæ фæс-
тæмæ рæсæнуатмæ аздæхт.
31Дунедарæджы фæндонæй дымгæ сыстад
æмæ денджызæй уæрццыты бал æрбахаста
рæсæнуатмæ. Рæсæнуаты алфамбылæйтты,

**11:3** Ома Зынгирвæзт.

рæсæнуатæй бонцау æддæдæр алырдæм дæр,
дыууæ æлмæрины бæрц зæххы сæрмæ ныц-
цæнд сты уæрццытæ. 32Адæм ныххæррæтт
кодтой æмæ сæ æнæхъæн бон æмæ æнæхъæн
æхсæв, стæй дыккаг бон суанг изæрмæ æм-
бырд кодтой. Къаддæр кæмæн бантыст, уый
дæр дæс хомеры уæддæр æрæмбырд кодта,
æмæ сæ рæсæнуаты алыварс равæрдтой
сæхицæн. 33Фæлæ сын уыцы фыдызгъæл æу-
уылд нæма фæци, афтæ сæм Дунедарæджы
маст ссыгъди æмæ сыл рын сыстын кодта.
34Уыцы бынат схуыдтой Киврот-Хаттава,
уымæн æмæ зындард адæмы уым баныгæд-
той. 35Киврот-Хаттавайæ адæм ацыдысты
Хацеротмæ æмæ Хацероты æрлæууыдысты.

**12** Моисейæн йæ ус уыди эфиопаг, æмæ
йын Мариам æмæ Аарон уый йæ цæстмæ
дардтой. 2Уыдон дзырдтой: «Исты æрмæст
Моисеимæ уыди Йæ ныхас Дунедарæгæн?
Ау, махимæ дæр нæ ныхас кодта?» Æмæ фе-
хъуыста уый Дунедарæг. 3Моисейы хуызæн
сабыр адæймаг та зæххыл нæ уыд.
4Æмæ загъта Дунедарæг æваст Моисей,
Аарон æмæ Мариамæн: «Цæугæут-ма æр-
тæйæ дæр Фембæлды Цатырмæ». Ацыдысты
се 'ртæ дæр, 5æмæ сæм раргом ис Дунедарæг
мигъы цæджындзы, Цатыры бахизæны ныл-
лæууыд æмæ басидт Йæхимæ Аарон æмæ
Мариаммæ. Куы Йæм бахæстæг сты, уæд
6Дунедарæг загъта:

«Байхъусут мæ ныхæстæм:
Кæд уе 'хсæн Дунедарæджы
пехуымпар вæййы,
уæд æм Æз йæ цæстылуайæнты
раргом кæнын Мæхи,
фыны фæдзурын йемæ.
7 Мæ цагъар Моисейы хъуыддаг та
æндæр у:
уый алцæмæй дæр иузæрдион у
Мæныл Мæ Хæдзары.
8 Уыци-уыцитæй нæ, фæлæ æргом,
лæгæй-лæгмæ дзурын Æз йемæ;
уый Дунедарæджы сурæт
йæ цæстæй куы уыны,
уæд куыд бауæндыдыстут сымах
Мæ цагъары, Моисейы, ныхмæ
дзурын?»

9Дунедарæджы маст сæм рафыхт, æмæ
Йæхи уырдыгæй айста. 10Æврагъ Цатырæй
адард ис, Мариамы буар та хъотырæй ми-
тау урс адардта. Аарон бакасти Мариаммæ
æмæ федта, къахæй сæрмæ йыл хъотыр кæй
ис, уый. 11Æмæ Аарон загъта Моисейæн:
«Мæ хицау! Ма нæ бафхæр — не 'нæзондæй
бацыдыстæм тæригъæды. 12Ма 'руадз уый,
цæмæй Мариам, йæ мады гуыбынæй æрдæг-
æмбыдæй чи рацæуы, уыцы мардæйгуырд
сабийы хуызæн суа».
13Æмæ сдзынæзта Моисей Дунедарæгмæ:
«О Хуыцау, курын Дæ, сдзæбæх æй кæн!»
14Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн: «Йæ
фыд ын йæ цæсгомыл куы бату кæнид, уæд
авд боны дæргъы фыр æфсæрмæй йæхи не
'мбæхсид? Авд боны дæргъы рæсæнуаты æд-
де фæуæд æмæ-иу уый фæстæ æрбацæуæд».
15Æмæ рæсæнуаты æдде фæкодтой Мариамы
авд боны æмгъуыдмæ. Йе 'рбаздæхынмæ
израилæгтæ сæ фæндагыл нæ ацыдысты.

**13** Уый фæстæ адардтой сæ фæндаг Ха-
церотæй æмæ уал Параны æдзæрæг быды-
ры æрлæууыдысты. 2Дунедарæг Моисейæн
загъта: 3«Арвит лæгтæ, цæмæй æркæсой
Ханаанмæ, израилæгтæн дæттинаг кæй дæн,
уыцы бæстæм. Алы мыггагæй дæр арвитут
фæйнæ лæджы, сæ фæтæгты».
4Æмæ йын Дунедарæг куыд загъта, афтæ
Параны æдзæрæг быдырæй Моисей разæй
лæгтæ арвыста, се 'ппæт дæр — израилæгты
фæтæгтæ. 5Номхуындæй сты: Рувимы мыг-
гагæй — Шаммуа, Заккуры фырт; 6Симеоны
мыггагæй — Шафат, Хорийы фырт; 7Иудæйы
мыггагæй — Калев, Иефоннейы фырт; 8Ис-
сахары мыггагæй — Игал, Йосефы фырт;
9Ефремы мыггагæй — Хошеа, Нуны фырт;
10Бениамины мыггагæй — Палти, Рафуйы
фырт; 11Зевулоны мыггагæй — Гаддиел, Со-
дийы фырт. 12Йосефы мыггагæй (Менас-
сиайы мыггагæй), — Гадди, Сусийы фырт;
13Даны мыггагæй — Аммиел, Гемалийы
фырт; 14Асиры мыггагæй — Сетур, Михае-
лы фырт; 15Неффалимы мыггагæй — Нахби,
Вафсийы фырт; 16Гады мыггагæй — Геуел,
Махийы фырт.
17Уыдон сты, Моисей бæстæуынæг кæй
арвыста, уыцы лæгтæ номхуындæй. (Хоше-
айæн та, Нуны фыртæн, Моисей радта ном
Йешуа.) 18Моисей сæ Ханаанмæ бæстæуы-
нæг куы æрвыста, уæд сын загъта: «Негевыл
ацæут æмæ хæхбæстæм ссæут. 19Æркæсут
уыцы зæхмæ, кæддæра цыхуызæн у. Чи
дзы цæры, уыцы адæм хъаруйæ æххæст сты
æви нæ, нымæцæй чысыл сты æви бирæ?
20Сæ бæстæ куыд у — хорз у æви æвзæр? Сæ
сахартæ быгъдæг сты æви бырутæй æхгæд?

**11:34** Ома Тæргайгæнджыты ингæнтæ. **13:17** Ном «Хо-
шеа» дзуттаг æвзагыл нысан кæны «ирвæзындзинад»; ном
«Йешуа» – «Дунедарæг ирвæзын кæны».

[21]Сæ зæххыхъæд куыд у — сойджын у æви
мæгуыр, бæлæстæ дзы зайы æви нæ? Æнæ-
мæнг ын йæ дыргътæй æрбахæссут». Сæ-
нæфсирафон уыди.
[22]Æрвыст лæгтæ ссыдысты æмæ æркас-
тысты бæстæм — Цины æдзæрæг быдырæй
Лево-Хаматмæ хæстæг Реховы онг. [23]Негевыл
ахызтысты æмæ Хевронмæ, Анакы байзæд-
дæгтæ Ахиман, Шешай æмæ Талмай кæм
цардысты, уырдæм бахæццæ сты. (Хеврон
та Мысыры сахар Цоанæй авд азы раздæр
сырæзт.) [24]Ешколы дæлвæзмæ бафтыдысты
æмæ дзы сæнæфсиры къабуз æд цупал ра-
кодтой æмæ йæ хъилыл дыууæйæ рахастой,
ноджы ма — гранаттæ æмæ легъуитæ. [25](Уы-
цы бынат схуыдтой Ешколы дæлвæз, израи-
лæгтæ дзы сæнæфсиры цупал кæй ракодтой,
уый тыххæй.) [26]Дыууиссæдз боны рацыд,
афтæ æрвыст лæгтæ, бæстæ æнæхъæнæй куы
басгæрстой, уæд фæстæмæ æрбаздæхтысты.
[27]Моисей, Аарон æмæ æппæт израилаг
дзыллæйы раз куы æрбалæууыдысты Пара-
ны æдзæрæг быдыры, Кадешы, уæд Моисей,
Аарон æмæ æппæт дзыллæйæн, цы федтой,
уый радзырдтой, уырдыгон дыргътæ сын
равдыстой. [28]Рахабар кодтой: «Уыдыстæм,
цы бæстæм нæ арвыстай, уым. Æцæг хъа-
ры йæ зæххæй æхсыр æмæ мыд. Мæнæ йæ
дыргътæ. [29]Фæлæ уыцы бæстæйы цæрæг
адæм тыхджын сты, сæ сахартæ та стыр æмæ
бырухгæд. Суанг ма дзы Анакы фæдонтыл
дæр амбæлдыстæм. [30]Амалекæгтæ цæрынц
Негевы, хеттæгтæ, йевусæгтæ æмæ аморæг-
тæ — хæхты, ханаанæгтæ — денджызы был
æмæ Иорданы былгæрæтты».
[31]Моисейы алыварс цы адæм уыд, уыдоны
Калев разæнгард кодта: «Цом æмæ нæхи
бакæнæм уыцы бæстæ! Фæтых сыл уыдзыс-
тæм!» [32]Фæлæ, уырдæм йемæ цы лæгтæ ацыд,
уыдон дзырдтой: «Уыцы адæмы ныхмæ мах
ницы бакæндзыстæм, уыдон махæй тых-
джындæр сты!» [33]Æмæ тауыстæ кодтой из-
раилæгты ’хсæн, уынæг цы бæсты уыдысты,
уый тыххæй: «Цы бæстæм фæцыдыстæм,
уый, чи дзы æрцæра, уыдоны бахæрдзæн.
Кæйдæриддæр дзы федтам — иууылдæр
æнахуыр бæрзонд адæм сты. [34]Уæйыгæнгæс
адæмы дæр дзы федтам (Анакы байзæд-
дæгтæ уæйгуыты мыггагæй сты). Сæ разы
нæхимæ цъырцъырæгты хуызæн кастыстæм
æмæ цъырцъырæгтæй уæлдай нæ уыдыстæм
уыдоны цæсты дæр».

**14** Æмхъæлæсæй нырдиаг кодта дзыллæ,
адæм сæ кæуынæй нæ банцадысты æнæхъæн
æхсæв. [2]Израилæгтæ бустæ кодтой Моисей
æмæ Аароныл. Æппæт дзыллæ сын дзырдта:
«Фæлтау Мысыры куы амардаиккам! Фæлтау
ацы æдзæрæг быдыры куы æрбамæликкам!
[3]Цæмæ нæ кæны Дунедарæг уыцы бæстæм?
Цæмæй кардылæфтыд фæуæм? Цæмæй нæ
устытæ æмæ нæ сабитæ уацары бахауой?
Фæлтау фæстæмæ Мысырмæ куы аздæхик-
кам, уæд нын хуыздæр нæ уаид?» [4]Æмæ
кæрæдзийæн дзырдтой: «Бавдæлæм æмæ
фæстæмæ Мысырмæ аздæхæм!»
[5]Моисей æмæ Аарон сæ зонгуытыл æр-
хаудтой израилæгты дзыллæйы раз. [6]Йешуа,
Нуны фырт, æмæ Калев, Иефоннейы фырт,
иннæ сгарджытимæ бæстæуынæг чи уыд,
уыдон сæ дарæстæ арæдывтой фæйнæрдæм
[7]æмæ Израилы дзыллæйæн загътой: «Мах
бæрæггæнæг цы бæстæм фæцыдыстæм, уый
тынг бæллиццаг у! [8]Кæд нæ Дунедарæджы
хорзæх уа, уæд нæ уырдæм бакæндзæн æмæ
нын ратдзæн, йæ сыджытæй æхсыр æмæ мыд
кæмæн хъары, уыцы бæстæ. [9]Æрмæст Дуне-
дарæджы ныхмæ ма змæнтут! Уымы адæмæй
та ма тæрсут — басæтдзыстæм сæ. Уыдонæн
армдарæг нал ис, махæн та Дунедарæг немæ
ис. Ма сæ тæрсут!» [10]Фæлæ сæ дзыллæ дурты
бын фæкæнынмæ хъавыдысты.
Æмæ уæд Дунедарæджы кад разынди
Фембæлды Цатырæй æппæт израилæгтæм,
[11]æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн: «Кæд-
мæ Мæ мæсты кæндзысты ацы адæм? Цы
диссæгтæ сын равдыстон, уыдон сын фаг не
сты, цæмæй Мыл бауæндой? [12]Æз сыл рын
сыстын кæндзынæн æмæ сæ ныццæгъддзы-
нæн. Дæ мыггагæй та ног адæм рауадздзы-
нæн, адонæй фылдæр æмæ хъаруджындæр».
[13]Фæлæ загъта Моисей Дунедарæгæн: «Дæ
хъомысæй ацы адæмы кæй дзæмбытæй фер-
вæзын кодтай, уыцы мысырæгтæ уый куы
фехъусой, [14]уæд æй радзурдзысты ацы бæс-
тæйы цæрджытæн. Уыдон та ныридæгæн
фехъуыстой, Ды, Дунедарæг, ацы адæмæн
се ’хсæн кæй Дæ æмæ сæм æргом кæй ра-
цæуыс; Дæ мигъы æврагъ кæй лæууы сæ
сæрмæ, Ды Дæхæдæг кæй цæуыс сæ разæй,
боныгон — мигъы цæджындзы, æхсæв та —
арты цæджынджы. [15]Ацы адæмы фæстаг
лæджы онг куы ныццæгъдай, уæд, Дæ кой
чи фехъуыста, уыцы адæмтæ се ’ппæт дæр
зæгъдзысты: [16]„Дунедарæджы бон не сси
ацы адæмы, зæрдæ сын цы бæстæй бавæрдта,
уырдæм бакæнын, æмæ сæ уымæн ныццагъ-
та æдзæрæг быдыры“.
[17]Уæдæ кад Дунедарæджы хъомысæн!
Ды Дæхæдæг куы загътай: [18]„Дунедарæг

бирæбыхсаг æмæ бирæбараг у! Уый ных-
хатыр кæны рæдыдтытæ æмæ тæригъæдтæ,
фæлæ аххосджыны æназымыл нæ банымайы.
Уый æртыккаг æмæ цыппæрæм фæлтæры
онг тæригъæд бафидын кæны“. 19Де стыр
уарзты хатырæй ныббар сæ тæригъæд ацы
адæмæн, Мысырæй ардæм сын абоны онг
куыд барстай, афтæ».
20Æмæ загъта Дунедарæг: «Дæ хатырæй
сын барын. 21Фæлæ Æз сомы кæны Мæхи-
цæй æмæ, ацы зæхх йемыдзаг кæмæй у, Ду-
недарæджы уыцы кадæй, 22Мысыры æмæ
æдзæрæг быдыры цы кад æмæ цы диссæгтæ
равдыстон, уыдон чи федта æмæ Мæ афтæ-
мæй чи ницæмæ дардта, ныридæгæн Мæ дæс
хатты чи бафæлвæрдта, 23уыдонæй иунæг
дæр нæ фендзæн, сæ фыдæлтæн зæрдæ цы
бæстæй бавæрдтон, уый. 24Фæлæ æндæрху-
ызон у мæ цагъар Калевы удысконд — уый
Мыл йæ зæрдæ никуы сивта, æмæ йæ Æз
бакæндзынæн, амæй размæ цы бæсты уыдис,
уырдæм. Йæ байзæддæгты хай бауыдзæн
уыцы бæстæ!
25Уыцы бæсты дæлвæзтæ амалекæгтæ
æмæ ханаанæгты цæрæнтæ сты. Райсом
уæ ных саразут æдзæрæг быдырмæ, Сырх
денджызмæ цы фæндаг цæуы, уырдæм».
26Дунедарæг загъта Моисей æмæ Аарo-
нæн: 27«Кæдмæ Мыл хъуамæ хъуыр-хъуыр
кæной ацы æнаккæгтæ? Израилæгты хъаст
Мæм хъуысы. 28Фехъусын сын кæн: „Сомы
кæнын Мæхицæй, — зæгъы Дунедарæг, —
Æз уын, цы агуырдтат, уый бакæндзынæн!
29Ацы æдзæрæг быдыры баззайдзысты уæ
мæрдтæ — ссæдзаздзыд æмæ уымæй хис-
тæрты номхыгъды чи ис, уыдонæн се ’ппæты
мæрдтæ, Мæныл чи хъуыр-хъуыр кодта,
уыдонæн се ’ппæты мæрдтæ! 30Иефонне-
йы фырт Калев æмæ Нуны фырт Йешуайы
йеддæмæ сымахæй ничи бацæудзæн, уым
уæ æрцæрын кæндзынæн, зæгъгæ, уын ард
кæмæй бахордтон, уыцы бæстæм. 31Уæ са-
биты та, афтæ кæмæй дзырдтат, уацары хай
фæуыдзысты, зæгъгæ, уыдоны та бакæндзы-
нæн Æз уырдæм, æмæ сæхи цæстæй фен-
дзысты, сымах былысчъилтæ кæуыл кодтат,
уыцы бæстæ цыхуызæн у, уый. 32Сымахæн
уæ мæрдтæ ацы æдзæрæг быдыры баззай-
дзысты. 33Уæ цот дыууиссæдз азы дæргъы
ацы æдзæрæг быдыры фосы фæстæ рахау-
бахау кæндзысты æмæ уын уæ тæригъæд
фиддзысты, цалынмæ ма уæ иу дæр удæгас
уа, уæдмæ. 34Дыууиссæдз боны дæргъы бæс-
тæуынæг уыдыстут æмæ дыууисæдз азы
дæргъы, уыцы бонты нымæцмæ гæсгæ, алы
боны ныхмæ — афæдз, фиддзыстут уæ тæри-
гъæд, цæмæй бамбарат, Мæ ныхмæ рацæуын
цы у, уый“. 35Æз — Дунедарæг! Куыд загътон,
афтæ бакæндзынæн, Мæ ныхмæ чи растад,
уыцы æнаккæгтæн. Ацы æдзæрæг быдыры
сæ кæрон æрцæудзæн, ам амæлдзысты».
36Моисей уыцы бæстæ бабæрæг кæнынмæ
кæй арвыста æмæ йæ, фæстæмæ æрбаздæх-
гæйæ, чи фаудта æмæ афтæмæй æппæт дзыл-
лæйы Моисейы ныхмæ чи скодта, 37уыцы
лæгтæ — бæстæйыл цъыфкалæн чи кодта,
уыдон се ’ппæт дæр — рынæй фæцагъды
сты. Дунедарæг сыл Йæ бæллæх сæвæрдта.
38Бæстæуынæг чи ацыд, уыдонæй ма удæ-
гасæй баззадысты æрмæстдæр Йешуа, Нуны
фырт, æмæ Калев, Иефоннейы фырт.
39Моисей израилæгтæн Дунедарæджы
ныхæстæ фехъусын кодта, æмæ адæм тынг
хъыг кодтой. 40Дыккаг бон сæумæйæ фес-
тадысты æмæ хæхтæм фæраст сты ахæм
ныхæстимæ: «Дунедарæг нын кæдæм загъта,
уырдæм ацæудзыстæм. Фæтæригъæдджын
стæм». 41Моисей загъта: «Цæуылнæ хъусут
Дунедарæгмæ? Хорзмæ уын нæ рауайдзæн.
42Кæд Дунедарæг уемæ нæй, уæд ма ацæут —
знæгтæ уæ ныззыгуым кæндзысты. 43Уым
разæй — амалекæгтæ æмæ ханаанæгтæ, æмæ
сæ кардылæфтыд фæуыдзыстут! Уымæн
æмæ Дунедарæгыл уæхи атигъ кодтат, æмæ
Дунедарæг нæй уемæ».
44Фæлæ уыдон ныфсхастæй хæхтæм фæ-
раст сты, Дунедарæджы Фидыды Чырын
æмæ Моисей та нæ фенкъуыстысты рæсæн-
уатæй. 45Уыцы хæхты цæрæг амалекæгтæ
æмæ ханаанæгтæ сæ размæ ралæууыдысты
æмæ сæ ныппырх кодтой, сæ уæлныхты
сæ айстой æмæ сæ Хормайы раз балæууын
кодтой.

**15** Дунедарæг Моисейæн загъта: 2«Изра-
илæгтæн фехъусын кæн: кæм цæрдзыстут,
уыцы бæстæм куы бацæуат, Æз уын кæй
дæттын, уыцы бæстæм 3æмæ Дунедарæгæн
уе стуртæ кæнæ уæ фысвосæй нывæндтæ
куы хæссат — иууылсудзинаг нывонд уа æви
сомыйы нывонд, бархийы нывонд, бæрæг-
боны фæдыл æви æндæр исты нывонд — Ду-
недарæгæн æхцон хæрздæфæн куы судзат,
4уæд Дунедарæджы нывондимæ æнæмæнг
хъуамæ хойраджы хуын дæр уа: мæнæуы
ссады ефæйы дæсæймаг хай оливæйы сойы
гины цыппæрæм хаимæ змæстæй. 5Иууыл-
судзинаг нывонд æмæ кусæрттаг уæрыкки-
мæ æмбæлы æрбахæссын сæн дæр — гины
цыппæрæм хай.

6Нывондаг фыримæ хойраджы хуынæн
æрбахæссын æмбæлы мæнæуы ссады ефæйы
дыууæ дæсæймаг хайы оливæйы сойы гины
æртыццаг хаимæ змæстæй, 7гины æртыц-
цаг хай та сæн. Уый уыдзæни Дунедарæгæн
æхцон хæрздæф.
8Нывондаг галимæ — Дунедарæджы иу-
уылсудзинаг уа, сомыйы нывонд уа æви
фидыды нывонд — 9хойраджы хуынæн æр-
бахæссын æмбæлы мæнæуы ссады ефæйы
æртæ дæсæймаг хайы гины æмбис оливæйы
соимæ змæстæй, 10гины æрдæг та сæн. Уый
уыдзæни арты нывонд Дунедарæгæн, æхцон
хæрздæф.
11Афтæ кæнын уын æмбæлы кæддæрид-
дæр, нывондæн куы хæссат гал кæнæ фыр,
уæрыкк кæнæ сæныкк. 12Цал нывонды æр-
хæссат, уал хъуамæ уа семæ хойраджы ху-
ынтæ æмæ сæн дæр.
13Алы бынæттон цæрæг дæр хъуамæ афтæ
кæна, Дунедарæгæн æхцон хæрздæфæн арты
нывонд куы хæсса, уæд.
14Æрцæуæггаг исчи уе ’хсæн кæнæ уæ бай-
зæддæгты ’хсæн куы цæра æмæ йæ Дуне-
дарæгæн æхцон хæрздæфæн арты нывонд
æрхæссын куы бафæнда, уæд уый дæр хъу-
амæ алцыдæр, сымах куыд кæнут, афтæ
бакæна. 15Æхсæнады фæтк иу у сымахæн
дæр æмæ æрцæуæггæгтæн дæр. Уый уын —
мыггагмæйы уагæвæрд, æмæ йæ æххæст
кæнут фыдæй-фыртмæ. Дунедарæджы раз
æрцæуæггаг дæр хъуамæ кæна, сымах куыд
кæнут, афтæ. 16Иу æгъдау æмæ иу уагæвæрд
ис сымахæн дæр æмæ уе ’хсæн цæрæг ног-
æрлидзджытæн дæр».
17Дунедарæг Моисейæн загъта: 18«Фæдзур
израилæгтæм æмæ сын зæгъ: Æз уæ цы бæс-
тæм кæнын, уырдæм куы бацæуат 19æмæ
уыцы зæххы хойраг куы хæрат, уæд-иу Ду-
недарæджы ном арут. 20Ног хоры ссады сæр-
тæй-иу Мын гуыл скæнут, цыма мусы лæвар
у, афтæ. 21Уæ хыссæйы сæртæй конд гуылæй
кувут Дунедарæгæн фыдæй-фыртмæ.
22Дунедарæг Моисейæн кæй фехъусын
кодта, уыцы фæдзæхстытæй искæцы æнæ-
рхъуыдыйæ куынæ сæххæст кæнат, 23Моисе-
йæн уын цы бафæдзæхста, уыдæттæй исты,
уæд уын мæнæ афтæ кæнын æмбæлы (Дуне-
дарæг ацы бардзырд куы радта, уыцы бонæй
фæстæмæ кæддæриддæр, фыдæй-фыртмæ).
24Кæд æмæ дзыллæйы аххосæй æрцыди
рæдыд, уæд дзыллæ иумæйагæй æрхæссæд
иууылсудзинаг нывонд — гал, Дунедарæгæн
æхцон хæрздæфæн, хойраджы хуын æмæ сæ-
нимæ, стæй тæригъæды нывондæн — сæгъ.
25Ссыгъдæг кæнæд сауджын æппæт изра-
илæгты дзыллæ, æмæ сын хатыр уыдзæн:
рæдыд æрцыд, æмæ уыцы рæдыды тыххæй
уыдон арты нывонд æрхастой Дунедарæгæн,
стæй ма тæригъæды нывонд дæр æрхастой
Дунедарæджы раз. 26Хатыр уыдзæн æппæт
израилæгты дзыллæйæн æмæ се ’хсæн цæ-
рæг æрцæуæггæгтæн, уымæн æмæ æнæбары
æруагътой рæдыд æппæт адæм.
27Иу исчи æнæбары куы æруадза рæдыд,
уæд та цæуугуист æрхæссæд тæригъæды ны-
вондæн. 28Æгъдаумæ гæсгæ ссыгъдæг кæнæд
сауджын Дунедарæджы раз, æнæбары чи
фæрæдыд, уыцы адæймаджы. Ссыгъдæг
æй кæндзæн æгъдаумæ гæсгæ, æмæ уыцы
адæймагæн хатыргонд уыдзæн йæ тæригъæд.
29Иу уагæвæрд уæм хъуамæ уа, чи фæрæдийа,
уыдонæн: израилаг бынæттон цæрджытæн
дæр æмæ се ’хсæн цæрæг æцæгæлæттæн дæр.
30Фæлæ зонгæ-зонын куы бакæна тæри-
гъæд ми адæймаг, уæд, бынæттон цæрæг уа
æви æрцæуæггаг, уый уымæй Дунедарæджы
æфхæры, æмæ йæ адæмæй фæхъæудзæн.
31Уый Дунедарæджы ныхас ницæмæ æр-
дардта, Йæ фæдзæхсты сæрты Йын ахызт,
æмæ йæ адæмы ’хсæнæй фæхъæудзæн, йæ
тæригъæд бафиддзæн».
32Израилæгтæ æдзæрæг быдыры куы
уыдысты, уæд амбæлдысты, сабатбон суг-
тæ чи æмбырд кодта, ахæм лæгыл. 33Сугтæ
æмбырдгæнгæ йæ чи баййæфта, уыдон æй
Моисей, Аарон æмæ æппæт дзыллæйы размæ
æрбакодтой. 34Ахæстоны йæ баппæрстой,
цы гæнгæ йын у, уымæн уагæвæрд кæй нæ
уыди, уымæ гæсгæ.
35Дунедарæг загъта Моисейæн: «Ацы
адæймаг маринаг у. Дзыллæ йæ дурты бын
фæкæнæнт рæсæнуаты æдде». 36Ракодтой йæ
дзыллæ иумæ рæсæнуатæй æмæ йæ, Дуне-
дарæг Моисейæн куыд загъта, афтæ дурты
бын фæкодтой.
37Дунедарæг загъта Моисейæн: 38«Фехъу-
сын кæн израилæгтæн: сæ дарæсты кæрæтты
хъуамæ цупæлттæ кæной фыдæй-фыртмæ,
уыцы цупæлтты æрвхуыз æндахæй хау куыд
уа, афтæмæй. 39Цæмæй-иу уыцы цупæлттæм
гæсгæ уæ зæрдыл æрлæууой Дунедарæджы
æппæт фæдзæхстытæ, æххæст сæ кæнат æмæ
уæ ма сайой хъахбайдзинадмæ уæ зæрдæ
æмæ уæ цæстытæ. 40Уæ зæрдыл дардзыстут
æмæ æххæст кæндзыстут Мæ фæдзæхстытæ
æмæ уæ Хуыцауы раз сыгъдæг уыдзыстут.
41Æз — Дунедарæг, уæ Хуыцау, цæмæй уæ
Хуыцау уа, уый тыххæй уæ Мысырæй Чи
ракодта, Уый. Æз — Дунедарæг, уæ Хуыцау».

**16** Корах, Левийы фырт Кехатæн йæ фырт
Ицхары фырт, йемæ — Рувимы байзæддæг-
тæ: Елиавы фырттæ Датан æмæ Авирам,
стæй Пелеты фырт Он 2Моисейы ныхмæ
рацыдысты. Израилæгтæй дыууæсæдæ
фæндзай лæджы сæ фарс рахæцыдысты, се
'ппæт дæр — дзыллæйы фæтæгтæ, æвзæрст
адæм, нымад лæгтæ. 3Моисей æмæ Аароны
алыварс æрлæууыдысты æмæ сын загътой:
«Æгъгъæд уын фæуæд! Дзыллæ иууылдæр
сыгъдæг сты, æмæ Дунедарæг ис се 'хсæн!
Уæдæ уæхи Дунедарæджы æмбырдæй уæл-
дæр цæмæн кæнут?»
4Моисей уый куы фехъуыста, уæд йæ зон-
гуытыл æрхауди. 5Корах æмæ йæ хъузæттæн
загъта: «Райсом сæумæйæ равдисдзæн Ду-
недарæг, Йæхи чи у æмæ сыгъдæг чи у, стæй
Йæхимæ хæстæг бацæуын кæй уадзы, уый.
Кæй равзæрста, уымæн Йæхимæ хæстæг ба-
цæуыны бар ратдзæн. 6Будсудзæнтæ райсут,
Корах æмæ йе 'мбæлттæ, 7сæ хуылфы сын
зынджытæ æмæ буд цæвæрут æмæ Дунеда-
рæджы раз æрлæуут. Дунедарæг кæй равзара,
сыгъдæг уый у. Æгъгъæд уын фæуæд, Левийы
байзæддæгтæ!»
8Моисей Корахæн загъта: «Байхъусут-ма,
Левийы байзæддæгтæ! 9Израилы Хуыцау
уæ израилæгты 'хсæнæй равзæрста æмæ
уæ Йæхимæ æрбахæстæг кодта, Уаз Цæрæ-
ны кусыны æмæ уын дзыллæйæн лæггад
кæныны бар радта. Ау, уый уын фаг нæу?
10Дунедарæг дæу æмæ де 'фсымæрты, Леви-
йы байзæддæгты, Йæхимæ æрбаввахс кодта,
сымах та ма сауджын уæвын дæр домут! 11Ды
æмæ дæ хъузæттæ Дунедарæджы ныхмæ
сыстадыстут! Уыцы ран Аарон цы гæнæг у,
цæмæй дзы хъаст кæнат?»
12Моисей арвыста Датан æмæ Авираммæ,
Елиавы фырттæм, фæлæ уыдон загътой: «Нæ
ацæудзыстæм! 13Йæ зæххæй æхсыр æмæ мыд
кæмæн хъары, уыцы бæстæй нæ ракодтай,
цæмæй æдзæрæг быдыры не сæфт ссарæм,
æмæ дын уый фаг нæу? Ноджы ма дæ ма-
хæн хицау суæвын дæр фæнды? 14Кæд нæ,
мыййаг, йæ зæххæй æхсыр æмæ мыд кæмæн
хъары, уыцы бæстæм не 'рбакодтай æмæ нын
хуымгæндтæ æмæ сæндæттæ нæ радтай!
Афтæ æнхъæлыс, æмæ адæмыл цæстытæ
нæй? Нæ дæм бацæудзыстæм!»
15Моисей тынг смæсты ис æмæ загъта Ду-
недарæгæн: «Ма сын баввæрс сæ хуынтыл.
Æз сæ хæрæг дæр куы никæмæй райстон,
иуæн дæр дзы æвзæрæй куы ницы ракод-
тон!» 16Загъта Моисей Корахæн: «Ды æмæ
де 'мбæлттæ уе 'ппæт дæр райсом хъуамæ
Дунедарæджы раз æрлæууат: ды дæр, де
'мбæлттæ дæр æмæ Аарон дæр. 17Алчи уæ
йæ будсудзæн райсæд, буд дзы цæвæрæд
æмæ йæ Дунедарæджы размæ æрбахæссæд,
дыууæсæдæ фæндзай будсудзæны æрба-
хæссут. Ды дæр æрбахæсс дæ будсудзæн,
стæй Аарон дæр».
18Æмæ райста алчи йæ будсудзæн, зын-
джытæ æмæ дзы буд цæвæрдта æмæ Фем-
бæлды Цатыры бахизæны раз æрлæууы-
дысты, семæ — Моисей æмæ Аарон. 19Корах
æппæт дзыллæйы æрбамбырд кодта Моисей
æмæ Аароны ныхмæ: Фембæлды Цатыры
бахизæны раз лæууыдысты. Æмæ уæд Ду-
недарæджы кад Йæхи равдыста дзыллæмæ.
20Дунедарæг загъта Моисей æмæ Ааро-
нæн: 21«Иуварс ацæут ацы дзыллæйæ, æмæ
сæ Æз цæсты фæныкъуылдмæ бындзагъд
фæкæнон!» 22Фæлæ уыдон сæ зонгуытыл
æрхаудтой æмæ загътой: «О Хуыцау, цар-
ды комулæфт Чи ратты, уыцы Хуыцау! Иу
адæймаг тæригъæды бацыд, Ды та æппæт
дзыллæмæ смæсты дæ?»
23Дунедарæг Моисейæн загъта: 24«Зæгъ
дзыллæйæн, цæмæй Корах, Датан æмæ Ави-
рамы цæрæнтæй дард ацæуой!» 25Моисей, йæ
фæстæ Израилы хистæртæ, афтæмæй араст
ис Датан æмæ Авирамы цæрæнтæм 26æмæ
загъта дзыллæйæн: «Дард ацæут ацы æнак-
кæгты цатыртæй æмæ сын сæ дзаумайæ дæр
мацæмæ бавналут, кæннод сæ тæригъæдты
аххосæй сымах дæр бабын уыдзыстут».
27Адæм дард ацыдысты Корах, Датан æмæ
Авирамы цæрæнтæй. Датан æмæ Авирам та
сæ цатырты раз лæугæйæ баззадысты сæ
устытæ, сæ цот, се 'нахъом сабитимæ. 28Мо-
исей загъта: «Ныртæккæ базондзыстут, цы
кæнын, уый мæхи фæндæй нæ, фæлæ Дуне-
дарæджы фæндæй кæй кæнын, уый. 29Кæд,
алы адæймаг дæр куыд амæлы, афтæ амæ-
лой, æмæ сæ хъысмæт, алы адæймагæн дæр
куыд вæййы, афтæ уа, уæд, бæлвырд, мæн
сымахмæ Дунедарæг нæ рарвыста. 30Фæлæ
сын кæд Дунедарæг, нырмæ чи не 'рцыди,
исты ахæм ми бакæна, кæд сæм зæхх йæ ком
фæхæлиу кæна æмæ сæ се 'ппæт исбонимæ
аныхъуыра æмæ цæрдудæй мæрдтыбæсты
хай бауой, уæд æй зонут, ацы адæймæгтæ
Дунедарæгыл сæхи атигъ кодтой».
31Куыддæр уыцы ныхæстæ загъта, афтæ
зæхх сæ быны фæйнæрдæм ацыд: 32бахæлиу
кодта зæхх йæ ком æмæ сæ се 'ппæт исбони-
мæ аныхъуырдта — Корахы æппæт адæмы сæ
иууыл исбонимæ. 33Цыдæриддæр сæм уыди,
уыдонимæ цæрдудæй мæрдтыбæсты хай

баисты. Зæхх фæстæмæ йæ раздæры хуыз
райста, уыдонæн та адæмы 'хсæн сæ кой дæр
нал фæзынди. [34]Сæ хъæрахстмæ, сæ алыварс
чи уыди, уыцы израилæгтæ лидзынмæ фес-
ты, зæхх мах дæр куы аныхъуыра, зæгъгæ.
[35]Арт рацыди Дунедарæгæй æмæ, будсу-
дзæнты буд чи æрбахаста, уыцы дыууæсæдæ
фæндзай лæджы бавзалы кодта. [36]Дунеда-
рæг Моисейæн загъта: [37]«Зæгъ Елеазарæн,
сауджын Аароны фыртæн, будсудзæнтæ
сыгъдонæй рамбырд кæнæд æмæ сын сæ
зынджытæ акалæд: [38]уыдон срухс сты ныр
ацы тæригъæдджынты амардæй; тæнæг
сыфтæ сæ рацæгъдæнт нывондхæссæн æм-
бæрзынæн, уымæн æмæ сæ Дунедарæджы
размæ бахастой, æмæ срухс сты. Развæ-
дзæхстау уæнт израилæгтæн!»
[39]Сауджын Елеазар рамбырд кодта, арты
чи басыгъд, уыдоны æрхуы будсудзæнтæ,
æмæ сæ нывондхæссæнæн æмбæрзæн сыф-
тæ рацагътой, [40]Дунедарæг Моисейæн куыд
загъта, афтæ. Уыцы æмбæрзæны нысан — из-
раилæгтæ сæ зæрдыл куыд дарой: Аароны
байзæддæгты йеддæмæ Дунедарæджы раз
буд судзынмæ чи бацæуа, ууыл Корах æмæ
йæ хъузætты бон акæндзæн.
[41]Дыккаг бон дзыллæ Моисей æмæ Аароны
ныхмæ сыстадысты. Азымджын сæ кодтой
израилæгтæ: «Сымах Дунедарæджы æвзæрст
адæмы амардтат!»
[42]Дзыллæ куы æрбамбырд сты Моисей
æмæ Аароны ныхмæ, уæд Фембæлды Ца-
тыры 'рдæм фæкастысты æмæ федтой: мигъ
æй бамбæрзта, æмæ Дунедарæджы кад Йæхи
равдыста. [43]Моисей æмæ Аарон бацыдысты
Фембæлды Цатыры размæ, [44]æмæ Дунеда-
рæг загъта Моисейæн: [45]«Иуварс алæуут ацы
дзыллæйæ, æмæ сæ æз цæсты фæныкъуылд-
мæ фесафон!» Дыууæйæ дæр сæ зонгуытыл
æрхаудтой.
[46]Моисей Ааронæн загъта: «Дæ будсудзæн
райс, нывæр дзы нывондхæссæны зынджы-
тæй, стæй буд æмæ тагъддæр цæугæ дзыллæ-
йы 'хсæнмæ, ссыгъдæг сын кæн сæ тæригъæд.
Дунедарæджы маст рафыхти: рын сыстад!»
[47]Аарон, Моисей йын куыд загъта, афтæ ба-
кодта: адæмы астæу балæууыд, фæлæ уæдмæ
адæмыл рын сыстад. Аарон буд ссыгъта æмæ
адæмы тæригъæд ссыгъдæг кодта. [48]Мæрд-
тæ æмæ удæгæсты 'хсæн слæууыди, æмæ
рын фесæфти. [49]Корахимæ чи бацарæфтыд,
уыдоны нæ нымайгæйæ, рын ахаста цып-
пæрдæс мин авдсæдæ адæймаджы.
[50]Аарон Моисеймæ аздæхт фæстæмæ, Фем-
бæлды Цатыры размæ. Рын фесæфт.

**17** Дунедарæг Моисейæн загъта: [2]«Зæгъ
израилæгтæн æмæ сын дыууадæс лæдзæ-
джы æрбахæссын кæн — мыггæгты фæтæгты
лæдзджытæ. Алы лæдзæгыл дæр йæ хицауы
ном ныффысс, [3]Левийы мыггаджы лæдзæгыл
ныффысс Аароны ном. Фæйнæ лæдзæджы —
алы мыггаджы хистæрæй. [4]Бавæр лæдзджы-
тæ Фембæлды Цатыры, Фидыды Чырыны
раз, Æз уæм кæм раргом вæййын, уыцы
ран. [5]Кæцы лæдзæг равзарон, уый цъæх
адардзæн — Æз афтæ бакæндзынæн, цæмæй
израилæгтæ уæ ныхмæ мауал змæнтой».
[6]Моисей фехъусын кодта уыцы фæндон
израилæгтæн, æмæ æрбахастой сæ фæтæгтæ
сæ лæдзджытæ, дыууадæс лæдзæджы, алы
фæтæгæй дæр — фæйнæ, æмæ ма ноджы —
Аароны лæдзæг. [7]Моисей лæдзджытæ Дуне-
дарæджы раз сæвæрдта Фембæлды Цатыры.
[8]Дыккаг бон бацыди Моисей Фембæлды Ца-
тырмæ, кæсы, æмæ Аароны лæдзæг, Левийы
мыггаджы лæдзæг, цъæх адардта, дидинæг
акалдта, æмæ йе 'хсæртæ сцæттæ сты. [9]Ра-
хаста Моисей лæдзджытæ Дунедарæджы
разæй, израилæгтæ сæм æркастысты, æмæ
алчи йæ лæдзæг айста.
[10]Дунедарæг Моисейæн загъта: «Ааро-
ны лæдзæг Фидыды Чырыны раз сæвæр,
уадз æмæ уым æфснайд уа — хивæнд адæй-
мæгтæн æвдисæйнагæн. Афтæмæй сын сæ
хъуыр-хъуырæн кæрон скæндзынæ, æмæ нал
бабын уыдзысты». [11]Моисей, Дунедарæг ын
куыд загъта, растдæриддæр афтæ бакодта.
[12]Израилæгтæ загътой Моисейæн: «Сæ-
фæм, бынысkъуыд кæнæм! [13]Дунедарæджы
Уаз Цæрæнмæ чидæриддæр хæстæг бацæуа,
уый амæлдзæн! Ау, не 'ппæт дæр хъуамæ
бабын уæм?»

**18** Дунедарæг Ааронæн загъта: «Ды æмæ
дæ байзæддаг, стæй дæ хæдзарвæндаг иу-
уылдæр, дзуапп дæтдзыстут, Уаз Цæрæн куы
фæчъизи уа, уæд. Ды æмæ дæ байзæддаг
дзуапп дæтдзыстут, уæ сауджынлæггад куы
фæчъизи уа, уæд.
[2]Дæхи мыггагмæ, Левийы мыггагмæ, фæ-
сид, цæмæй дæ уæлхъус уой æмæ дын æх-
хуыс кæной, ды дæ фырттимæ Фембæлды
Цатыры раз лæггад куы кæнай, уæд. [3]Æххуыс
дын кæнæнт æмæ Фембæлды Цатыры ку-
сæнт, фæлæ уаз мигæнæнтæ æмæ нывонд-
хæссæнмæ хæстæг ма цæуæнт, науæд уыдон
дæр амæлдзысты æмæ сымах дæр. [4]Демæ
дзуапп дæттæнт Фембæлды Цатыры тых-
хæй, алы куыст дæр сæ бæрны уæд. Фæлæ
уæм æндæр исчи хъуамæ хæстæг ма цæуа:

5Уаз Цæрæн æмæ нывондхæссæны куыст
уæхимæ хауы, науæд та Дунедарæджы азар
ногæй баййафдзæн израилæгты.
6Æз равзæрстон уе 'фсымæрты, левитты,
израилæгты 'хсæнæй æмæ уын сæ дæттын,
уый Мæ лæвар сымахæн. Дунедарæгæн лæ-
вæрд сты уыдон, цæмæй кусой Фембæлды
Цатыры. 7Ды æмæ дæ фырттæ та хъуамæ
сауджынлæггад кæнат нывондхæссæны
уæлхъус æмæ мидæмбæрзæны фале. Æз
уын аккаг кæнын сауджынлæггад. Сымах
йеддæмæ æндæр исчи хæстæг куы æрба-
цæуа, уæд æй амарын хъæуы».
8Дунедарæг загъта Ааронæн: «Æз дын
дæ бар кæнын, израилæгтæй Мæм цыдæ-
риддæр лæвæрттæ æмæ уаз хуынтæ цæуа,
уыдон. Дæу æмæ сæ дæ байзæддæгты хай
кæнын мыггагмæйы уагæвæрдæй. 9Дæу у
иууылсыгъдæг дæр — Мæнæн цы нывæнд-
тæ хæссынц, уыдоны иу хай. Дæу æмæ дæ
байзæддæгты у, израилæгтæ Мын хойраджы
хуынæй, тæригъæды нывондæй, фиддо-
ны нывондæй кæй хæссынц, уыдоны иу
хай — иууылуаз. 10Иууылсыгъдæгау æй хæр;
æрмæстдæр дзы нæлгоймагæн ис хæрыны
бар; уазыл дæм уæд нымад. 11Дæу уыдзысты,
израилæгтæй цыдæриддæр хуынтæ æмæ
лæвæрттæ цæуы, уыдон. Мыггагмæйы уа-
гæвæрдæй сæ Æз хай кæнын дæуæн, дæ
фырттæ æмæ дæ чызджытæн: дæ бинонтæй
дзы алы сыгъдæгæн дæр хæрыны бар ис.
12Дунедарæгæн хаст сой, сæн æмæ хоры
хуыздæртæ — ног тыллæджы сæртæ — Æз
дæттын дæуæн. 13Дунедарæгæн хаст тыллæ-
джы сæртæ иууылдæр дæу сты. Дæ бинон-
тæй сыгъдæг чи у, уыдонæй дзы алкæмæн
дæр хæрыны бар ис.
14Израилы цыдæриддæр æлгъыстагæй ис,
уыдон иууылдæр дæу сты. 15Дæу у, адæймагæй
дæр æмæ фосæй дæр, Дунедарæгæн нывонд
кæй кæнынц, уыцы фыццаг цæуæт. Адæйма-
джы фыццаг зæнæджы балхæнын æмбæлы,
æнæсыгъдæг фосы фыццаг цæуæты дæр афтæ.
16Мæйдзыд сабийы ныхмæ райсын æмбæлы
æвзисты фондз шекелы, кувæндоны шекелтæй
(иу шекелы — ссæдз герайы). 17Фæлæ стурвос
æмæ фысвосы фыццаг цæуæты ныхмæ мацы
ис — уаз сты уыдон. Сæ туг-иу сын бапырх кæн
нывондхæссæныл, сæ фиу-иу сын æрхæсс арты
нывондæн, Дунедарæгæн æхцон хæрздæфæн.
18Фыдызгъæл та — дæхи, Дунедарæгæн кæй
снывонд кæнынц, уыцы кæразимаг у дæхи,
стæй кусарты рахиз сгуы дæр афтæ.
19Израилæгтæ цы уаз хуынтæ хæссынц
Дунедарæгæн, уыдон иууылдæр Æз дæттын
дæуæн, дæ фырттæ æмæ дæ чызджытæн,
æмæ мыггагмæйы уагæвæрдæй уæ хай сты.
Уый у Дунедарæджы раз демæ æмæ дæ бай-
зæддæгтимæ арæзт мыггагмæйы фидыд,
цæххы фидыдау — æнусон».
20Дунедарæг загъта Ааронæн: «Зæххы хай
дын нæ уыдзæнис Израилы, ницы хай райс-
дзынæ се 'хсæн: дæ исбон æмæ дæ зæххы
хай Æз дæн!
21Фембæлды Цатырæн цы куыст кæнынц,
уый ныхмæ Левийы байзæддæгтæн зæххы
хайы бæсты Æз дæттын, Израилы цыдæрид-
дæр ис, уымæй алцæмæн дæр йæ дæсæймаг
хай. 22Израилæгтæ та Фембæлды Цатырмæ
хъуамæ хæстæг ма цæуой, науæд фæтæри-
гъæдджын уыдзысты æмæ амæлдзысты.
23Æрмæстдæр левиттæ хъуамæ кусой Фем-
бæлды Цатыры, æмæ уыдон дзупп дæтдзысты,
тæригъæд æй куы фæчъизи кæна, уæд. Уыцы
уагæвæрд уын мыггагмæ лæвæрд у, æмæ йæ
æххæст кæнут фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Левит-
тæн зæххы хай нæ уыдзæн израилæгты 'хсæн.
24Зæххы хайы бæсты сын Æз, израилæгтæ
Дунедарæгæн кæй дæттынц, уыцы дæсæй-
маг хай радтон. Уымæн зæгъын, израилæгты
'хсæн сын зæххы хай кæй нæ уыдзæн».
25Дунедарæг Моисейæн загъта: 26«Фехъу-
сын кæн левиттæн: Æз уын зæххы хайы
бæсты кæй радтон, израилæгтæй уыцы дæ-
сæймаг хай куы райсат, уæд-иу ын йæ дæ-
сæймаг хай Дунедарæгæн рахицæн кæнут.
27Уый уын хуыныл нымад æрцæудзæн: куыд
хор — мусæй, куыд ног сæн — сæндуцæнæй.
28Израилæгтæй кæй æмбырд кæнат, алы уы-
цы дæсæймаг хайæ дæр хай кæнут Дунеда-
рæгæн; уыцы хуын сауджын Ааронмæ дæтгæ
у. 29Цыдæриддæр уын хæссынц — алцæмæй
дæр Дунедарæгæн рахицæн кæнут æппæты
хуыздæр хай, уаз хай.
30Зæгъ левиттæн: дæсæймаг хайæн йæ
хуыздæр хай куы рахицæн кæнат, уæд уын
сахаддзæн куыд мусы бæркад, куыд сæн-
дуцæны бæркад. 31Уый уын — уæ куысты
ныхмæ Фембæлды Цатыры. Уæхæдæг дæр,
уæ бинонтæ дæр, кæм уæ фæнды, уым æй
хæрут, 32азымджын нæ уыдзыстут: дæсæй-
маг хайæн йæ хуыздæр хай кæй рахицæн
кодтат, уымæ гæсгæ израилæгты уаз хуын-
тæ нæ фæчъизи кæндзыстут æмæ мæлæты
амæттаг нæ бауыдзыстут».

**19** Дунедарæг Моисей æмæ Ааронæн загъ-
та: 2«Мæнæ, Дунедарæг цы уагæвæрд рад-
та, уый: зæгъ израилæгтæн, цæмæй дæм
æрбакæной, æфсондз кæуыл нæ уыд, ахæм

ӕнӕсахъат ӕмӕ ӕнаипп бур дыгӕрдыг.
[3]Сауджын Елеазары бар ӕй бакӕнут. Рӕ-
сӕнуатӕй йӕ ракӕнӕнт ӕмӕ йӕ сауджын
Елеазары раз аргӕвдӕнт. [4]Сауджын Елеазар
кусарты тугӕй йе ’нгуылдзыл сисӕд ӕмӕ
йӕ Фембӕлды Цатырыл авд хатты бапырх
кӕнӕд. [5]Дыгӕрдыг йӕ цӕстыты раз хъуа-
мӕ сыгъд ӕрцӕуа: йӕ царм, йӕ фыд, йӕ туг,
йӕ чъизитӕ йын басудзын хъӕуы. [6]Райсӕд
сауджын кедр бӕласы лыггаг, цӕвӕгхос ӕмӕ
сырх-сырхид хъуымацы гӕппӕл ӕмӕ сӕ,
дыгӕрдыг цы арты судзы, уырдӕм баппарӕд.
[7]Уый фӕстӕ сауджын хъуамӕ йӕ дарӕс цӕх-
са, йӕхи цынайа, ӕмӕ йын уӕд рӕсӕнуатмӕ
аздӕхӕн ис, фӕлӕ чъизийыл нымад уыдзӕн
изӕрмӕ. [8]Дыгӕрдыджы мард чи басыгъта,
уыцы адӕймаг дӕр хъуамӕ цӕхса йӕ дарӕс
ӕмӕ йӕхи цынайа; чъизи уыдзӕн изӕрмӕ.
[9]Сыгъдӕг чи у, ахӕм адӕймаг хъуамӕ сӕм-
бырд кӕна дыгӕрдыджы сыгъдон ӕмӕ йӕ
рӕсӕнуаты ӕдде сыгъдӕг ран бафснайа,
цӕмӕй дзы израилӕгтӕ сыгъдӕггӕнӕн дон
кӕной: уый тӕригъӕды нывонд у. [10]Дыгӕр-
дыджы сыгъдон сӕмбырдгӕнӕг дӕр цӕхсӕд
йӕ дарӕс; чъизи уыдзӕн изӕрмӕ. Израилӕг-
тӕн ӕмӕ се ’хсӕн цӕрӕг ӕрцӕуӕггӕгтӕн
уый уӕд мыггагмӕйы фӕтк.

[11]Марды буарыл чи бандзӕва, уый авд
боны дӕргъы уыдзӕни чъизи. [12]Ӕртыккаг
ӕмӕ ӕвдӕм бон хъуамӕ йӕхи ссыгъдӕг
кӕна уыцы сыгъдонӕй, ӕмӕ уӕд сыгъдӕг
уыдзӕн. Ӕртыккаг ӕмӕ ӕвдӕм бон йӕхи
куынӕ ссыгъдӕг кӕна, уӕд та сыгъдӕг нӕ
уыдзӕн. [13]Марды буарыл чи андзӕва ӕмӕ
йӕхи чи не ссыгъдӕг кӕна, уый Дунедарӕ-
джы цӕрӕнуат чъизи кӕны ӕмӕ Израилы
’хсӕнӕй фӕхъӕудзӕн. Уымӕн ӕмӕ уый
сыгъдӕггӕнӕн донӕй нӕ бапырх кодтой,
ӕмӕ чъизи у, йӕ чъизи ис йӕ уӕлӕ.

[14]Ӕгъдау: мард цы цатыры ис, уыцы ца-
тырмӕ чи бацӕуа ӕмӕ уыцы цатыры чи уа,
уыдон авд боны дӕргъы чъизи уыдзысты.

[15]Цыфӕнды мигӕнӕн дӕр гом у, цыфӕн-
ды мигӕнӕнӕн дӕр йӕ сӕр ӕнгом ӕхгӕд
нӕу, зӕгъгӕ, уӕд фӕчъизи уыдзӕн. [16]Искӕй
къухӕй чи фӕмард, ууыл кӕнӕ йӕхи ни-
зӕй амӕлӕгыл, адӕймаджы стӕгдар кӕнӕ
ингӕныл хӕдзарӕн ӕдде чи андзӕва, уый
чъизи уыдзӕн авд боны. [17]Цӕмӕй ссыгъдӕг
уа, уый тыххӕй уыцы артысыгъд тӕригъӕды
нывонды ӕртхутӕг донимӕ сызмӕнтӕнт
иу мигӕнӕны. [18]Сыгъдӕг чи у, ахӕм исчи
райсӕд иссоп, уыцы доны йӕ атулӕд ӕмӕ
дзы бапырх кӕнӕд цатырыл, ӕппӕт ми-
гӕнӕнтыл ӕмӕ, уым чи уыди, уыдоныл,
йе та стӕгдарыл, искӕй къухӕй мардыл,
йӕхи ’гъдауӕй амӕлӕгыл, кӕнӕ ингӕныл
чи андзӕвыд, уыцы адӕймагыл. [19]Сыгъдӕг
адӕймаг чъизи адӕймагыл хъуамӕ уыцы до-
нӕй бапырх кӕна ӕртыккаг, стӕй та ӕвдӕм
бон ӕмӕ йӕ афтӕмӕй ӕвдӕм бон ссыгъдӕг
кӕна. Уый та йӕ дарӕс цӕхсӕд, йӕхи цына-
йӕд ӕмӕ изӕрмӕ ссыгъдӕг уыдзӕн. [20]Чи
фӕчъизи ис, уый йӕхи куынӕ ссыгъдӕг
кӕна, уӕд та дзыллӕйӕ фӕхъӕудзӕн, уы-
мӕн ӕмӕ Дунедарӕджы Уаз Цӕрӕн чъизи
кӕны: сыгъдӕггӕнӕн донӕй йыл нӕ бапырх
кодтой, ӕмӕ чъизи у. [21]Уый сын — мыггаг-
мӕйы уагӕвӕрд.

Сыгъдӕггӕнӕн дон чи пырх кодта, уый
хъуамӕ цӕхса йӕ дарӕс. Сыгъдӕггӕнӕн
донмӕ чи бавнӕлдта, уый изӕрмӕ чъизийӕ
баззайдзӕни. [22]Чъизи адӕймаг цӕмӕдӕ-
риддӕр февнала, уый фӕчъизи уыдзӕни.
Чъизи адӕймагӕн йӕхиуыл чи бандзӕва,
уый та чъизи уыдзӕн изӕрмӕ».

**20** Фыццаг мӕйы мӕйноджы израилӕгтӕ
Цины ӕдзӕрӕг быдырмӕ бахӕццӕ сты.
Дзыллӕ Кадешы ӕрлӕууыдысты. Уыцы ран
Мариам амард, ӕмӕ йӕ уым баныгӕдтой.
[2]Дзыллӕ донхъуаг ӕййӕфтой, ӕмӕ Мо-
исей ӕмӕ Ааронрыл ӕртыгуыр сты. [3]Мо-
исеимӕ загъд кодтой: «Фӕлтау мах дӕр
Дунедарӕджы раз куы ӕрбамардаиккам
не ’фсымӕртау! [4]Цӕмӕн ӕрбакодтат ды
ӕмӕ Аарон Дунедарӕджы дзыллӕйы ацы
ӕдзӕрӕг быдырмӕ? Цӕмӕй нӕхӕдӕг дӕр
ӕмӕ нӕ фос дӕр ам амӕлӕм? [5]Цӕмӕн нӕ
ракодтат Мысырӕй ацы ӕлгъыст ранмӕ,
исты байтауӕн кӕм нӕй, легъуи, сӕнӕфсир,
гранат кӕм нӕ зайы, уырдӕм? Дон дӕр дзы
куы нӕй нуазынӕн!»
[6]Моисей ӕмӕ Аарон адӕмы ӕмбырдӕй
ныууагътой, Фембӕлды Цатыры размӕ ацы-
дысты ӕмӕ сӕ зонгуытыл ӕрхаудтой. Ду-
недарӕджы кад сӕм Йӕхи равдыста, [7]ӕмӕ
Дунедарӕг Моисейӕн загъта: [8]«Райс мӕнӕ
ацы лӕдзӕг, ӕмӕ де ’фсымӕр Ааронимӕ
дзыллӕйы ӕрбамбырд кӕнут. Стӕй, иууыл-
дӕр уӕ куыд уыной, афтӕмӕй къӕдзӕхӕн
зӕгъут, дон ратт, зӕгъгӕ. Къӕдзӕхы хуыл-
фӕй сын ды дон самал кӕндзынӕ сӕхицӕн
дӕр ӕмӕ сӕ фосӕн дӕр».
[9]Моисей Дунедарӕджы разӕй, куыд ын
загъта, афтӕ лӕдзӕг райста. [10]Ӕрбамбырд
кодтой Моисей ӕмӕ Аарон адӕмы къӕдзӕ-
хы размӕ, ӕмӕ сын Моисей загъта: «Ӕр-
байхъусут-ма, ӕнӕсӕттонтӕ! Ау, ныр уын
хъуамӕ мӕнӕ ацы къӕдзӕхӕй рауадзӕм

дон?» 11Уыцы ныхæстимæ Моисей йæ лæ-
дзæгæй дыууæ хатты ныццавта къæдзæх.
Къæдзæхæй уый бæрц дон фемæхст, æмæ
адæмæн дæр æмæ сæ фосæн дæр фаг уыд.
12Дунедарæг Моисей æмæ Ааронæн загъта:
«Фаг Мыл кæй нæ бауæндыдыстут æмæ,
Уаз кæй Дæн, уый израилæгты раз кæй нæ
равдыстат, уымæ гæсгæ ацы адæмы, цы
бæстæ сын дæттын, уырдæм сымах нæ
бакæндзыстут».
13Ацы дон — Мерива. Уым израилæгтæ
Дунедарæгимæ схъаугъа сты, æмæ сын, уаз
кæй у, уый равдыста.
14Кадешæй Моисей лæгтæ арвыста Едомы
паддзахмæ, цæмæй йын фехъусын кæной:
«Афтæ зæгъы де 'фсымæр Израил: нæ фы-
дæбæттæ нын зоныс. 15Нæ фыдæлтæ Мы-
сырмæ фæцыдысты, æмæ Мысыры бирæ
фæцардыстæм. Мысырæгтæ мах дæр нæ
фыдæлтау уæлæмæ скæсын нæ уагътой. 16Ду-
недарæгмæ куы сдзынæзтам, уæд нæ Уый
фехъуыста. Рарвыста нæм зæды, æмæ нæ
уый Мысырæй ракодта. Ныр мæнæ Кадешы
сахары стæм, дæ арæнгæрон. 17Бар нын ратт,
цæмæй дæ зæххыл нæ фæндаг акæнæм. Дæ
хуымтæ æмæ дын дæ сæндæттыл нæ ацæу-
дзыстæм, дæ цъайты донæй дын нæ бануаз-
дзыстæм. Паддзахвæндагыл ацæудзыстæм,
рахизæрдæм дæр æмæ галиуæрдæм дæр
нæ фæзилдзыстæм, цалынмæ дæ арæнæй
ахизæм, уæдмæ».
18Едомæгтæ загътой: «Нæ зæххыл ацæуын
уæ нæ бауадздзыстæм! Куы бафæлварат,
уæд кæрдтимæ уæ размæ ралæудзыстæм!»
19Израилæгтæ загътой: «Над фæндагыл
ацæудзыстæм. Уæ донæй уын куы бануазæм,
нæ фосæн дзы куы бадарæм, уæд уын бафид-
дзыстæм. Ницы нæ хъæуы, æрмæстдæр нæ
ацæуын бауадзут!» 20Фæлæ уыдон загътой:
«Нæ ацæудзыстут нæ зæххыл!» Æмæ гæр-
зифтонг стыр æфсадæй сæ ныхмæ ралæууы-
дысты. 21Едомæгтæй сæ бон куы базыдтой,
уæд израилæгтæ æндæр рæтты ацыдысты.
22Кадешæй араст сты израилæгтæ æмæ
Оры хохмæ бахæццæ сты.
23Оры хохрæбын, Едомы арæнмæ хæстæг,
Дунедарæг загъта Моисей æмæ Ааронæн:
24«Аарон хъуамæ йæ сыджытыл бафта. Ме-
ривайы раз Мæ коммæ кæй нæ бакастыс-
тут, уый тыххæй Аарон, Æз израилæгтæн
кæй дæттын, уыцы зæхмæ нæ бацæудзæн.
25Аарон æмæ йæ фырт Елеазары Оры хохмæ
скæн. 26Ааронæн йæ дарæс ралас æмæ йын сæ
йæ фырт Елеазарыл скæн. Аарон уыцы ран
амæлдзæн æмæ йæ сыджытыл бафтдзæн».
27Моисей, Дунедарæг ын куыд загъта, аф-
тæ бакодта. Дзыллæйы раз ссыдысты Оры
хохмæ, 28æмæ уыцы ран Моисей раласта
йæ дарæс Ааронæн æмæ йын сæ йæ фырт
Елеазарыл скодта. Аарон уым, хохы сæр,
амарди, Моисей æмæ Елеазар та дæлæмæ
æрцыдысты. 29Дзыллæ Аароны марды ха-
бар фехъуыстой, æппæт израилæгтæ йыл
дæс æмæ ссæдз боны дæргъы фæкуыдтой.

**21** Негеваг Арады паддзах, хананаг, фе-
хъуыста, Атариммæ фæндагыл кæй фæцæ-
уынц израилæгтæ. Семæ схæцыди æмæ дзы
кæйдæрты уацары райста. 2Уæд израилæгтæ
Дунедарæгæн басомы кодтой: «Ацы адæмы
нын кæд нæ къухмæ раттай, уæд сын сæ са-
хартæ æлгъыстаг фæкæндзынæн». 3Дунеда-
рæгмæ фехъуысти Израилы сомы, æмæ йын
хананæгты йæ къухмæ радта. Израилæгтæ
сын æлгъыстаг фæкодтой сæхи дæр æмæ сæ
сахартæ дæр. Уæдæй фæстæмæ уыцы бынат
хонынц Хорма.
4Æмæ рараст сты Оры хохæй Сырх ден-
джызмæ фæндагыл, цæмæй Едомы бæс-
тæйы иувæрсты ацæуой. Фæндагыл адæм
бастадысты. 5Бустæ кодтой Хуыцау æмæ
Моисейыл: «Цæмæн нæ ракодтат Мысырæй?
Æдзæрæг быдыры амæлынмæ? Ам къæбæр
дæр æмæ дон дæр нæй, æмæ нæ уд хауы ацы
нæбæззон хæринагæй». 6Æмæ Дунедарæг
маргджын кæлмыты ахæсты фæкодта адæ-
мы, æмæ израилæгтæй дзæвгар фæмарди
уыдоны хæстæй. 7Бацыдысты адæм Мои-
сеймæ æмæ загътой: «Тæригъæд ракодтам
мах, уымæн æмæ Дунедарæджы ныхмæ æмæ
дæ ныхмæ дзырдтам. Скув Дунедарæгмæ,
цæмæй нæ кæлмытæй фервæзын кæна».
Скуывта Моисей адæмы тыххæй, 8æмæ
Дунедарæг загъта Моисейæн: «Сараз дæхи-
цæн калмы ныв, хъилыл æй бакæн æмæ-иу
æм, калм кæуыл фæхæцыд, ахæм исчи куы
бакæса, уæд удæгасæй баззайдзæн». 9Æмæ
саразта Моисей æрхуы калм æмæ йæ хъи-
лыл бакодта, æмæ-иу калмдзæф адæймаг
æрхуы калммæ куы бакасти, уæд-иу удæ-
гасæй баззад.
10Араст сты израилæгтæ æмæ Овоты
æрæнцадысты. 11Æмæ рараст сты Овотæй
æмæ, Моавы бакомкоммæ хурыскæсæны
'рдыгæй цы æдзæрæг быдыр ис, Ийе-Хава-
рим, уым æрлæууыдысты. 12Уырдыгæй ра-
раст сты æмæ Зереды дæлвæзы æрæнцадыс-
ты. 13Рараст сты уырдыгæй æмæ, æдзæрæг

**21:3** Хорма дзуттаг æвзагыл нысан кæны «бабын кæнын».

быдыры чи ис, аморæгты арæны æдде, Арно-
ны уыцы хайыл æрæнцадысты. Уымæн æмæ
Арнон у Моавы арæн, Моав æмæ аморæгты
æхсæн ис. 14Уымæн загъдæуы Дунедарæджы
хæстыты чиныджы дæр: «Суфы чи ис, уыцы
Вахев, Арнон 15æмæ кæмтты фæхстæ сæхи
айтыгътой Ары онг æмæ Моавы арæныл бан-
цой кодтой». 16Уырдыгæй араст сты Беермæ,
Дунедарæг Моисейæн афтæ кæмæй загъта,
æрбамбырд кæн адæмы æмæ сын Æз сын дон
ратдзынæн, уыцы Цъаймæ. 17Уæд ныззарыд
Израил ацы зарæг: «Йедзаг кæн, цъай, зарут
ын: 18„Сæ лæдзджытæй, сæ старцытæй фæ-
тæгтæ кæй къахтой, адæмы раздзæуджытæ
кæй къахтой, гъе уыцы цъай“».
Æдзæрæг быдырæй араст сты Маттанамæ.
19Маттанайæ — Нахалиелмæ, Нахалиелæй
та — Бамотмæ. 20Бамотæй — Моавы быдырты,
æдзæрæг быдыры чи зыны, уыцы Фасгайы
хохы сæрмæ. 21Æмæ арвыста Израил лæг-
тæ Сигонмæ, аморæгты паддзахмæ, цæ-
мæй йæм бахатой: 22«Ауадз мæ дæ зæххыл
ацæуын. Нæ бацæудзыстæм дæ быдыртæ
æмæ дæ сæндæттæм, дæ цъайтæй дон нæ
势нуаздзыстæм. Паддзахвæндагыл цæу-
дзыстæм, цалынмæ дæ арæнæй ахизæм,
уæдмæ». 23Фæлæ Сигон Израилæн йæ зæх-
хыл ацæуыны бар нæ радта; æрбамбырд
кодта йе ’ппæт адæмы æмæ Израилы ныхмæ
æдзæрæг быдырмæ рацыд. Йахацмæ бахæц-
цæ æмæ Израилимæ схæцыд. 24Ныддæрæн
æй кодта Израил æмæ йын йæ зæхх байста
Арнонæй Йавокмæ, аммонæгты онг, уымæн
æмæ аммонæгты арæн фидар уыд. 25Басаста
Израил уыцы сахартæ иууылдæр æмæ æрбы-
нат кодта аморæгты æппæт сахарты, Хешбон
æмæ йæ алфамбылæйтты. 26Уымæн æмæ
Хешбон уыди Сигоны, аморæгты паддза-
хы, сахар. Уый та хæцыди Моавы раздæры
паддзахимæ æмæ йын йæ зæхх æнæхъæнæй,
суанг Арноны онг, йæхи бакодта. 27Уымæн
дзурынц кадæггæнджытæ: «Æрцæут Хеш-
бонмæ! Сигоны сахар арæзт æмæ фидаргонд
æрцæуæд! 28Уымæн æмæ рацыди Хешбонæй
цæхæр, Сигоны сахарæй — арт æмæ аны-
хъуырдта Ар-Моавы, Арноны бæрзæндты
хицæутты. 29Дудгæ фæбадай, Моав! Бабын
стут, Кемошы адæм, уæ фырттæ лидзæг
фесты, уæ чызджытæ Сигоны, аморæгты
паддзахы, уацайрæгтæ баисты! 30Фатты бын
сæ фæкодтам; бацарæфтыд кодтам Хешбон
Дивоны онг, гæныстон фæци, Медевайы раз
чи ис, уыцы Нофахы онг».
31Израилæгтæ æрбынæттон сты аморæг-
ты зæххыл.
32Моисей бæрæггæнæг арвыста Йазермæ,
æмæ йын израилæгтæ бацахстой йæ алыварс
хъæутæ, аморæгты бынаты æрцардысты.
33Уырдыгæй куы фæзылдысты, уæд из-
раилæгтæ Башанмæ фæндагыл араст сты.
Ог, Башаны паддзах, йæ адæмимæ гæрзиф-
тонгæй сæ размæ рацыд æмæ Едреийы цур
семæ схæцыд.
34Дунедарæг Моисейæн загъта: «Ма дзы
тæрс: дæ къухмæ дын дæттын Æз йæхи дæр,
йæ адæмы дæр æмæ йæ бæстæ дæр. Сигонæн,
аморæгты паддзахæн, Хешбоны цæрæгæн
куыд бакодтай, уымæн дæр афтæ бакæн».
35Æмæ йын амардтой йæхи, йæ фыртты
æмæ йæ адæмы се ’ппæты дæр, иуы дæр
дзы удæгасæй нал ныууагътой, æмæ йын
йæ зæхх сæхи бакодтой.

22 Уырдыгæй израилæгтæ сæ фæндаг дард-
дæр кодтой æмæ Моавы дæлвæзы, Иорданы
фале, Йерихонмæ хæстæг æрлæууыдысты.
2Федта Балак, Ципоры фырт, Израил амо-
рæгтæн цытæ бакодта, уый. 3Израилæгтæ
уый бæрц уыдысты, æмæ моавæгтæ иу-
уылдæр тасы бацыдысты. 4Æмæ загътой
моавæгтæ Мидианы хистæртæн: «Ацы бардз,
гал быдыры кæрдæг куыд асæрфы, афтæ
асæрфдзæн алцы нæ алывæрсты». Балак
та, Ципоры фырт, уæд Моавы паддзах уыд.
5Æмæ Балак минæвæрттæ арвыста Ба-
лааммæ, Беоры фыртмæ, йæ райгуырæн
Петормæ (аммонæгты зæххыл ис, Евфраты
был), цæмæй йын йæ номæй зæгъой: «Иу
адæм рацыди Мысырæй. Уый бæрц сты, æмæ
зæххæн уæз кæнынц. Мæ разы æрбынат
кодтой. 6Æвæстиатæй мæм рацу æмæ мын
фелгъит уыцы адæмы, уымæн æмæ уыдон
мæнæй тыхджындæр сты. Чи зоны, æмæ
мын сæ афтæмæй басæттын æмæ мæ зæххæй
атæрын бантысид, уымæн æмæ зонын: ды
арфæ кæмæн ракæнай, уый арфæгонд у, ды
кæй фелгъитай, уый — æлгъыст».
7Ацыдысты Моав æмæ Мидианы хистæртæ.
Балаамæн мызд ахастой дæсныфæрсæггаг
æмæ йын Балакы ныхæстæ рафæзмыдтой.
8Уый сын загъта: «Ацы æхсæв ам лæуут,
æмæ уын æз, Дунедарæг мын цы зæгъа, уый
зæгъдзынæн». Æмæ бахсæвиуат кодтой Мо-
авы уæздæттæ Балааммæ. 9Рацыди Хуыцау
Балааммæ æмæ бафарста: «Чи дын сты ацы
адæм?» 10Æмæ загъта Хуыцауæн Балаам:
«Балак, Ципоры фырт, Моавы паддзах, æр-
барвыста мæм, 11мæнæ, дам, Мысырæй ра-
цæуæг адæм зæххæн уæз кæнынц, æмæ рацу,
фелгъит мын сæ, кæд семæ схæцын мæ бон

суаид æмæ сæ атæрин!» 12 Æмæ загъта Хуы-
цау Балаамæн: «Ма ацу семæ; ма фелгъит
уыцы адæмы, уымæн æмæ арфæгонд сты».
13 Æмæ сыстад Балаам сæумæрайсом æмæ
загъта Балакы уæздæттæн: «Цæут уæ бæс-
тæм, уымæн æмæ Дунедарæджы нæ фæнды,
цæмæй æз уемæ ацæуон». 14 Æмæ сыстадыс-
ты Моавы уæздæттæ, Балакмæ аздæхтысты
æмæ йын загътой: «Нæ бакуымдта Балаам
махимæ рацæуын».

15 Фервыста та Балак ногæй йæ уæздæтты,
æмæ уыдон фыццæгтæй ноджы фылдæр
æмæ дзырддзæугæдæр уыдысты. 16 Æмæ
бацыдысты уыдон Балаыммæ æмæ йын
загътой: «Ципоры фырт Балак дæм æрви-
ты: „Саккаг кæн, æрбацу мæм. 17 Тынг дæ
скадджын кæндзынæн, цыдæриддæр мын
зæгъай, уый бакæндзынæн. Рацу æмæ мын
уыцы адæмы ралгъит“». 18 Балаам загъта
Балакы дæлдæртæн: «Балак мын йæ хæ-
дзар куы ратта, сыгъзæрин æмæ æвзистæй
йемыдзагæй, уæд дæр мæ бон нæ бауыдзæн
Дунедарæджы, мæ Хуыцауы, ныхасы сæрты
ахизын, Йе ’вастæй чысыл кæнæ стыр исты
саразын. 19 Ныр та уал ацы æхсæв сымах дæр
ам баззайут, æмæ æз базонон, Дунедарæг ма
мын цы зæгъдзæн, уый». 20 Æмæ рацыди Ду-
недарæг Балаыммæ æхсæвы æмæ йын загъта:
«Кæд дæм ацы адæм хонæг æрбацыдысты,
уæд сыст æмæ ацу семæ, фæлæ дын Æз цы
зæгъон, æрмæстдæр уый кæн».

21 Æмæ сыстад Балаам сæумæрайсом, йæ
сыл хæрæгыл саргъ сæвæрдта æмæ моаваг
уæздæттимæ ацыди. 22 Хуыцауæн йæ маст
рафыхти Балаыммæ, кæй ацыди, уый тых-
хæй, æмæ Дунедарæджы зæд цæхгæрмæ
æрлæууыди Балаамы фæндагыл. Ныр уый
та йæ хæрæгыл бадти, йæ дыууæ фæсдзæ-
уины йемæ. 23 Хæрæг Дунедарæджы зæды
кардæлвæстæй лæугæйæ куы федта, уæд
фæндагæй быдыры ’рдæм фæзылди. Ба-
лаам ыл ралæууыди, цæмæй йæ фæстæмæ
фæндагмæ раздаха.

24 Уæд Дунедарæджы зæд æрлæууыд, дыу-
уæ сæндоны æхсæн фæндаг кæм æрбанарæг
ис, уыцы ран: къул — иуæрдыгæй, къул — ин-
нæрдыгæй. 25 Федта хæрæг Дунедарæджы
зæды, къулмæ йæхи нылхъывта æмæ Бала-
амы къах дæр йæ фæстæ фæци. Балаам æй
ногæй нæмын райдыдта. 26 Дунедарæджы
зæд дарддæр ацыд æмæ, фæндагæй рахи-
зæрдæм дæр æмæ галиуæрдæм дæр азилæн
кæм нæ уыди, ахæм уынгæг ран æрлæууыди.
27 Федта хæрæг Дунедарæджы зæды, æмæ Ба-
лаамы бын зæххыл ныххуыссыд. Балаамæн
йæ маст рафыхти æмæ лæдзæгæй ралæууыд
хæрæгыл. 28 Дунедарæг адæймаджы æвзагæй
сдзурын кодта хæрæджы, æмæ загъта уый
Балаамæн: «Цы дын кодтон, æртæ хатты
мæ цæй тыххæй фæнадтай?» 29 Æмæ загъта
Балаам хæрæгæн: «Уымæн æмæ ды мæнæй
фæхъазыдтæ. Мæ къухы кард куы фæуыдаид,
уæд дæ æрбамардтаин». 30 Æмæ загъта хæрæг
Балаамæн: «Цæрæнбонты кæуыл цæуыс,
исты æз дæ уыцы хæрæг нæ дæн? Искуы
мæм ахæм миниуæг уыди, æмæ демæ мæхи
афтæ дарон?» «Нæ», — дзуапп ын радта уый.

31 Байгом кодта Дунедарæг Балаамы цæс-
тытæ, æмæ уый федта Дунедарæджы зæ-
ды: кардæлвæстæй лæууыди фæндагыл.
Æрхаудта Балаам йæ зонгуытыл, зæххыл
ныддæлгом ис.

32 Бафарста Дунедарæджы зæд: «Цæй тых-
хæй фæнадтай дæ хæрæджы æртæ хатты?
Уый Æз рацыдтæн дæ размæ, цæмæй дæ
бакъуылымпы кæнон, уымæн æмæ раст нæ
кæныс Мæ разы. 33 Хæрæг мæ федта æмæ æр-
тæ хатты Мæ разæй иуварс азылди; куынæ
азылдаид, уæд дæу æрбамардтаин, уый та
удæгасæй ныууагътаин». 34 Æмæ загъта Ба-
лаам Дунедарæджы зæдæн: «Тæригъæды
бацыдтæн, уымæн æмæ нæ зыдтон, Ды мæ
развæндагыл лæууыс, уый. Ныр та, кæд Дын
фæндон нæу, уæд фæстæмæ аздæхдзынæн».
35 Æмæ загъта Дунедарæджы зæд Балаамæн:
«Ацу ацы адæмимæ, фæлæ-иу дын Æз цы
зæгъон, æрмæстдæр уый дзур». Æмæ ацыди
Балаам Балакы уæздæттимæ.

36 Фехъуыста Балак, Балаам æрбацæуы,
уый æмæ йæ размæ рацыди Моавы сахармæ,
Арноны арæныл чи ис, тæккæ арæнгæрон,
уырдæм. 37 Æмæ загъта Балак Балаамæн:
«Æз дæм куы арвыстон, уæд мæм цæуылнæ
цыдтæ? Исты дын мæ бон кад скæнын нæу?»
38 Æмæ загъта Балаам Балакæн: «Мæнæ дæм
æрбацыдтæн ныр, фæлæ мæ бон дзурын у?
Хуыцау мын мæ дзыхы цы бафтауа, уый
дзурдзынæн». 39 Æмæ ацыди Балаам Бала-
кимæ æмæ бацыдысты Кирйат-Хуцотмæ.
40 Æмæ аргæвста Балак стуртæ æмæ лыстæг
фос æмæ арвыста хæйттæ Балаам æмæ, йемæ
цы уæздæттæ уыд, уыдонæн.

41 Дыккаг бон, сæумæйæ, Балак Балаамы
Бамот-Баалмæ скодта, æмæ уый уырдыгæй
израилæгты рæсæнуатæн æрмæст йæ чысыл
хай федта.

**23** Балаам Балакæн загъта: «Сараз мын
ацы ран авд нывондхæссæны æмæ акусарт

кæн авд уæныджы æмæ авд фыры». 2Балак,
Балаам ын куыд загъта, афтæ бакодта, æмæ
нывæндтæ æрхастой Балак æмæ Балаам: алы
нывондхæссæныл дæр — фæйнæ уæныджы
æмæ фæйнæ фыры. 3Балаам Балакæн загъта:
«Лæуу ды дæ иууылсудзинæгты раз, æз та
уал мæхи иуварс айсон, кæд Дунедарæг мæ
размæ рацæуид, æмæ мын цы раргом кæна,
уый дын радзурдзынæн».
Ацыди иунæгæй быгъдæг къуыбырмæ.
4Хуыцау уым Йæхи раргом кодта Балаам-
мæ. Загъта Балаам: «Авд нывондхæссæны
сарæзтон æмæ нывæндтæ æрхастон: алы
нывондхæссæныл дæр — фæйнæ уæныджы
æмæ фæйнæ фыры». 5Бавæрдта Дунедарæг
Йæ ныхас Балаамы комы æмæ йын загъта:
«Аздæх Балакмæ æмæ йын æй фехъусын
кæн». 6Æмæ йæм раздæхт, æмæ мæнæ лæу-
уынц йæ иууылсудзинаджы раз уый æмæ
Моавы æлдæрттæ иууылдæр. 7Æмæ загъта
Балаам йæ ныхас: «Арамæй мæ æрбакодта
Балак, скæсæны хæхтæй мæ æрбакодта Мо-
авы паддзах: „Æрцу æмæ мын мæ курдиат
сæххæст кæн: Йаковы ралгъит, æрцу æмæ
Израилы бабын кæн!“ 8Куыд ралгъитон æз,
Хуыцау кæй не ’лгъиты, уый? Куыд бабын
кæнон æз, Дунедарæг кæй нæ сафы, уый?
9Къæдзæхы сæрæй сæм кæсын, къуылдым-
тæй сæм фæлгæсын: хибарæй цæрынц æмæ
иннæ адæмтимæ нымад не сты уыцы адæм.
10Йаковы байзæддагæн змисæй уæлдай ба-
нымайæн нæй, рыджы муртау æнæнымæц
сты израилæгтæ. Уадз æмæ æз рæстгæн-
джыты мæлæтæй амæлон, раст адæймаджы
царды кæронау уæд мæ мæлæты бон!»
11Æмæ загъта Балак Балаамæн: «Цы ми
мын кæныс? Æз дæ ме знæгты ралгъитын-
мæ æрбакодтон, ды та сын арфæ кæныс!»
12Уый йын дзуапп радта: «Дунедарæг мын
мæ комы цы бавæрдта, уый хъуамæ, куыд
у, афтæ ма зæгъон?»
13Æмæ йын загъта Балак: «Цом мемæ æн-
дæр ранмæ æмæ сæ уырдыгæй фендзынæ —
се ’ппæты нæ, æрмæстдæр сæ рæсæнуа-
ты кæрон. Мæ курдиат мын сæххæст кæн
æмæ сæ ралгъит уырдыгæй». 14Уыйадыл
æй ахуыдта Цофимы быдырмæ, Фасгайы
сæрмæ; сарæзта авд нывондхæссæны æмæ
æрхаста нывæндтæ: алы нывондхæссæныл
дæр — фæйнæ уæныджы æмæ фæйнæ фы-
ры. 15Балаам загъта Балакæн: «Афтæ лæуу
ды дæ иууылсудзинаджы раз, æз та уыр-
дæм, Йæ размæ, ауайон». 16Æмæ раргом
кодта Дунедарæг Йæхи Балааммæ, Йæ ны-
хас ын йæ комы бавæрдта æмæ йын загъта:
«Аздæх Балакмæ æмæ йын æй фехъусын
кæн». 17Ацыди Балаам Балакмæ, æмæ дын
мæнæ йæ иууылсудзинаджы уæлхъус лæу-
уы, йæ разы — Моавы уæздæттæ. Бафарста
Балак: «Цы загъта Дунедарæг?»
18Æмæ загъта Балаам йæ ныхас: «Сыст,
Балак, æмæ æрбайхъус, лæмбынæг æр-
байхъус, Ципоры фырт! 19Хуыцау адæймаг
нæу — мæнг ныхæстæ нæ кæны, адæмы
хуызæн Йæ хъуыды нæ ивы. Зæгъа æмæ ма
бакæна? Зæрдæ бавæра æмæ Йæ ныхас ма
сæххæст кæна? 20Арфæ ракæнынмæ æвзæрст
æрцыдтæн æз: Уый арфæ ракодта, æмæ йæ
мæнæн мæ бон аивын нæу. 21Фыдбылызæй
хызт у Йаков, бæллæхæй тас нæу Израилæн.
Дунедарæг, сæ Хуыцау, семæ ис, Паддзах Æй
скодтой сæхицæн. 22Хуыцау израилæгты
ракодта Мысырæй, Йæ хъомыс — хъæддаг
галы сыкъатау.
23Нæй хин Йаковы ныхмæ, æдых у кæлæн
Израилы ныхмæ. Дзурдзысты ныр Йаковæй,
Израилæй: „Уынут, Хуыцау цытæ кæны!“
24Ацы адæм сыстынц домбайау æмæ, ца-
лынмæ сæ амæттаджы акъабæзтæ кæнынц
æмæ тугæй бафсæдынц, уæдмæ æнцой нæ
зонынц».
25Æмæ Балак загъта Балаамæн: «Æлгъитгæ
дæр сæ ма фæкæн æмæ сын арфæ дæр ма ра-
кæн». 26Æмæ Балаам дзуапп радта Балакæн:
«Афтæ дын куы загътон, Дунедарæг цыдæ-
риддæр зæгъа, уый бакæндзынæн, зæгъгæ».
27Балак загъта Балаамæн: «Цом, æндæр
бынатмæ дæ акæнон. Чи зоны, Хуыцауы
зæрдæмæ уый тынгдæр фæцæуа, æмæ мын
сæ уырдыгæй ралгъитдзынæ». 28Балак Пе-
оры сæрмæ скодта Балаамы — уырдыгæй
æдзæрæг быдыр хорз зынди.
29Загъта Балаам Балакæн: «Сараз мын ацы
ран авд нывондхæссæны æмæ мын акусарт
кæн авд уæныджы æмæ авд фыры». 30Балак,
Балаам ын куыд загъта, афтæ бакодта æмæ
нывæндтæ æрхаста: алы нывондхæссæныл
дæр — фæйнæ уæныджы æмæ фæйнæ фыры.

**24** Æмæ федта Балаам, Дунедарæджы фæн-
дон кæй у Израилæн арфæ кæнын, æмæ
раздæрау æвдисæйнæгтæ нал агуырдта, фæ-
лæ йе ’ргом æдзæрæг быдырмæ аздæхта.
2Балаам афæлгæсыд æмæ федта Израилы
фырттæй алкæй дæр йæ бынаты хæдзар-
вæндаггай лæугæ. Хуыцауы Уд ыл æртыхсти,
3æмæ загъта: «Дзуры Балаам, Беоры фырт,
цы уыдзæн, уый развæлгъау чи зоны, 4Ху-
ыцауы ныхæстæ чи хъусы, Æппæтхъомы-
сы цæстылуайæнтæ чи уыны, зæххыл чи

ærхауы, фæлæ йæ цæстытæ гомæй кæмæн
баззайынц, уый: 5куыд рæсугъд сты дæ ца-
тыртæ, Йаков, дæ цæрæнтæ, Израил! 6Сæ-
хи айтыгътой цъæх дæлвæзтау, доны был
дыргъдæттау, Дунедарæг кæй ныссагъта,
цыма суадоны раз кедртæ, уыцы алой бæ-
лæстау! 7Сæ къалиутæй дон тæдздзæн, æмæ
донхъуаг никуы уыдзысты сæ байзæддæгтæ
стыр доны был.

Агагæй фæуæлдæр уыдзæни сæ паддзах,
сбæрзонд уыдзæни йæ паддзахад. 8Мысырæй
сæ Чи ракодта, Уыцы Хуыцауæн Йæ хъомыс —
хъæддаг галы сыкъатау! Уый аныхъуырдзæ-
ни знаг адæмты, се стджытæ сын ныззыгуым
кæндзæн, сæ фæттæ сын ныссæтдзæн! 9Йæхи
æруагъта зæххыл, домбайау æрхуыссыд — чи
йæ бауæндздзæн бахъыгдарын?

Дæуæн арфæ чи ракæна, уый арфæгонд у,
чи дæ фелгъита — æлгъыст».

10Рафыхти Балакæн йæ маст Балааммæ, йæ
къухтæ йыл сцагъта æмæ йын загъта: «Æз
дæм ме знæгты ралгъитынмæ фæдзырдтон,
ды та сын ныр æртыккаг хатт арфæ кæныс!
11Фесæф мæ разæй, згъоргæ кæн уæхимæ!
Мæ зæрды дын скад кæнын уыди, фæлæ дæ
Дунедарæг кадæй æнæхай фæкодта». 12Æмæ
загъта Балаам Балакæн: «Дæ минæвæрттæн
афтæ куы загътон: 13„Балак мын йæ хæдзар
куы ратта, сыгъзæрин æмæ æвзистæй йемы-
дзагæй, уæд дæр мын Дунедарæджы ныхасы
сæрты ахизæн нæй — хорз дæр æмæ æвзæр
дæр мæхи фæндæй нæ бакæндзынæн. Ду-
недарæг цы зæгъа, уый дзурдзынæн“. 14Ныр
та мæ бæстæм здæхын. Хæстæгдæр æрбацу,
æмæ дын зæгъон, ацы адæм сомбон дæ адæ-
мæн цы бакæндзысты, уый».

15Æмæ загъта йæ ныхас: «Дзуры Балаам,
Беоры фырт, цы уыдзæн, уый развæлгъау
чи зоны, уыцы лæг, 16Хуыцауы ныхæстæ
чи хъусы, йæ зонынад Иууылбæрзондæй
лæвæрд кæмæн у, Æппæтхъомысы цæстылу-
айæнтæ чи уыны, зæххыл чи ærхауы, фæлæ
йæ цæстытæ гомæй кæмæн баззайынц, уый.

17Цы нæма ærцыди, уый уынын, нырма
дард цы у, уый мæм зыны; Йаковæй стъалы
ссыди, растади Израилы лæдзæг — ныссæт-
дзæн Моавы тæрных, ныззыгуым кæндзæн
Шеты байзæддæгты. 18Саст ærцæудзæн Едом,
знаджы къухмæ бахаудзæн Сеир, Израил та
йæ хъару равдисдзæн. 19Йаковы байзæддаг
хицау суыдзæн, сахары ма чи баззади, уы-
доны ныццæгъддзæн».

20Æркасти Балаам амалекæгтæм æмæ загъ-
та: «Адæмты фыццаг — амалекæгтæ, фæлæ
сæ мыггаг дæр нал баззайдзæн».

21Æркасти Балаам кенæгтæм æмæ загъта:
«Фидар у дæ цæрæн, къæдзæхыл — дæ ахс-
тон! 22Фæлæ Каин гæныстонмæ ’рцæудзæн,
Ассири уæ уацары куы акæна, уæд».

23Загъта йæ ныхас Балаам: «Оххай! Йæ
фæнд куы сæххæст кæна Хуыцау, уæд ма
удæгасæй чи баззайдзæни? 24Мæнæ Китти-
мæй ærбацæуынц наутæ æмæ басæтдзысты
Ассири æмæ Еверы зæххытæ, фæлæ сæхæдæг
дæр цæрæфтыд фæуыдзысты!»

25Æмæ аздæхт Балаам йæ бæстæм, Балак
та йæ хæдзармæ ацыд.

**25** Æрбынат кодтой израилæгтæ Ситти-
мы, æмæ моаваг сылгоймæгтимæ хæтын
райдыдтой. 2Уыдон адæмы сæ хуыцæутты
нывæндтæм хуыдтой, æмæ дзы хордтой
адæм æмæ сын куывтой сæ хуыцæуттæн.
3Бандæгъдысты израилæгтæ Баал-Пеорыл,
æмæ сæм Дунедарæджы маст ссыгъди. 4Загъ-
та Дунедарæг Моисейæн: «Адæмы хицæутты
се ’ппæты дæр Дунедарæджы раз хурмæ
байтындз, æмæ ærсабыр уыдзæн Дунеда-
рæджы маст израилæгтæм». 5Моисей загъта
Израилы фæтæгтæн: «Алчидæр уæ, йæ адæ-
мæй Баал-Пеормæ чи кувы, уыдоны амарæд».

6Æмæ дын мæнæ израилæгтæй иу ær-
бацыд æмæ йе ’фсымæртæм, Моисей æмæ
æппæт дзыллæйы раз, уыдон Фембæлды
Цатыры къæсæрмæ куыд куыдтой, афтæ
мидианаг сылгоймаджы куы ærбакæнид.

7Пинхас, Елеазары фырт, сауджын Аароны
фырты фырт, уый куы федта, уæд адæмы
’хсæнæй сыстад æмæ арц райста. 8Уыцы из-
раиладжы фæстæ цатырмæ бацыд æмæ сæ
дыууæйы дæр арц ныссагъта, израиладжы
дæр амардта æмæ сылгоймаджы дæр. Уыйа-
дыл израилæгтæ рыны азарæй фервæзтысты.
9Рын кæй ныццагъта, уыдон уыдысты цып-
пар æмæ ссæдз мины.

10Дунедарæг Моисейæн загъта:

11«Елеазары фырт, сауджын Аароны фырты
фырт Пинхас мын Мæ маст аздæхта израи-
лæгтæй, афтæ æнувыд Мыл кæй разындис,
уымæй, æмæ, фыр мæстæй судзгæйæ, Æз
нал ныццагътон израилæгты. 12Зæгъ ын: Æз
йемæ аразын сабырдзинады фидыд. 13Уыцы
фидыдмæ гæсгæ Пинхас æмæ йæ байзæд-
дæгтæн мыггагмæ лæвæрд цæуы сауджыны
ном, йæ Хуыцауыл афтæ æнувыд кæй у æмæ
израилæгты сæ тæригъæдæй кæй фервæзын
кодта, уый тыххæй».

14Мидианаг сылгоймагимæ чи фæмард,
уыцы израилаг хуынди Зимри, Салуйы фырт,
Симеоны хæдзарвæндæгтæй иуы хистæр.

15Чи фæмард ис, уыцы мидианаг сылгой-
маг та — Козби, йæ фыд — Цур, мидианаг
хæдзарвæндæгтæй иуы хистæр.
16Дунедарæг Моисейæн загъта: 17«Мидиа-
нæгты фæдыл зилут æмæ сæ дæрæн кæнут,
18уымæн æмæ уын знаггад кæнынц. Пеормæ
дæр уыдоны аххосæй бабæллыдыстут æмæ,
Пеоры фыдæй рын куы сыстад, уæд цы сыл-
гоймаг фæмард ис, мидианæгты фætæджы
чызг Козби, уый дæр со хо уыди».

**26** Рын куы аивгъуыдта, уæд загъта Дуне-
дарæг Моисей æмæ сауджын Аароны фырт
Елеазарæн:
2«Сæрæй кæронмæ хæдзаргай банымайут,
æфсадмæ бацæуинаг чи у, уыцы израилæг-
ты, ссæдз азы æмæ уымæй уæлæмæ кæуыл
цæуы, уыдоны се ’ппæты дæр».
3-4Моавы дæлвæзы, Иорданы был, Йери-
хоны бакомкоммæ, Моисей æмæ сауджын
Елеазар, ссæдз азы æмæ уымæй уæлæмæ
кæуыл цыди, уыцы адæмы сфыстой, Дуне-
дарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста, афтæ.
Израилы адæмæй Мысырæй чи рацыди,
уыдон уыдысты: 5Рувим — Израилы хистæр
фырт; Рувимы байзæддæгтæ: Ханохæй — Ха-
нохы хæдзарвæндаг, Паллуйæ — Паллуйы
хæдзарвæндаг, 6Хецронæй — Хецроны хæ-
дзарвæндаг, Кармийæ — Кармийы хæдзар-
вæндаг. 7Уыдон — Рувимы хæдзарвæндæгтæ;
сæ нымадмæ гæсгæ — цыппор æртæ мин
авдсæдæ æртын.
8Паллуйы фырт — Елиав. 9Елиавы фырт-
тæ: Немуел, Датан æмæ Авирам, дзыл-
лæйы ’хсæн нымад чи уыди, уыцы Датан
æмæ Авирам. Корах æмæ йæ хъуызæттимæ
уыдон растадысты Моисей æмæ Аароны
ныхмæ — Дунедарæджы ныхмæ. 10Æмæ уæд
зæхх фæйнæрдæм фæцыд æмæ сæ аныхъу-
ырдта. Корахимæ йæ хъуызæттæ дæр бабын
сты. Дыууæсæдæ фæндзай адæймаджы ба-
сыгъдысты арты — цыдæр кæй æрцæудзæн,
уый æвдисæг рагфæдзæхст. 11Фæлæ Корахы
фырттæ нæ бабын сты.
12Симеоны байзæддæгтæ сæ хæдзар-
вæндæгтæм гæсгæ: Немуелæй — Немуелы
хæдзарвæндаг, Йаминæй — Йамины хæ-
дзарвæндаг, Йахинæй — Йахины хæдзар-
вæндаг, 13Зерахæй — Зерахы хæдзарвæндаг,
Саулæй — Саулы хæдзарвæндаг. 14Уыдон —
Симеоны хæдзарвæндæгтæ: дыууын дыууæ
мин дыууæсæдæ.
15Гады байзæддæгтæ сæ хæдзарвæндæг-
тæм гæсгæ: Цефонæй — Цефоны хæдзар-
вæндаг, Хаггийæ — Хаггийы хæдзарвæндаг,
Шунийæ — Шунийы хæдзарвæндаг, 16Оз-
нийæ — Ознийы хæдзарвæндаг, Ерийæ —
Ерийы хæдзарвæндаг, 17Ародæй — Ароды
хæдзарвæндаг, Арелийæ — Арелийы хæ-
дзарвæндаг. 18Уыдон — Гады байзæддæгты
хæдзарвæндæгтæ, сæ нымæц — цыппор мин
фондз сæдæ.
19Иудæйы фырттæ: Ер æмæ Онан; фæлæ
Ер æмæ Онан амардысты Ханааны. 20Æмæ
уыдысты Иудæйы байзæддæгтæ сæ хæдзар-
вæндæгтæм гæсгæ: Шелайæ — Шелайы хæ-
дзарвæндаг, Парецæй — Пареццы хæдзар-
вæндаг, Зарахæй — Зарахы хæдзарвæндаг.
21Æмæ уыдысты Пареццы фырттæ: Есромæй —
Есромы хæдзарвæндаг, Хамулæй — Хамулы
хæдзарвæндаг. 22Уыдон — Иудæйы хæдзар-
вæндæгтæ, сæ нымадмæ гæсгæ — æвдай
æхсæз мин фондзсæдæ.
23Иссахары байзæддæгтæ сæ хæдзарвæн-
дæгтæм гæсгæ: Толайæ — Толайы хæдзар-
вæндаг, Пуввайæ — Пуввайы хæдзарвæндаг,
24Йашувæй — Йашувы хæдзарвæндаг, Шим-
ронæй — Шимроны хæдзарвæндаг. 25Уыдон —
Иссахары хæдзарвæндæгтæ, сæ нымадмæ
гæсгæ — æхсай цыппар мин æртæсæдæ.
26Зевулоны байзæддæгтæ сæ хæдзарвæн-
дæгтæм гæсгæ: Середæй — Середы хæдзар-
вæндаг, Елонæй — Елоны хæдзарвæндаг,
Йахлеелæй — Йахлеелы хæдзарвæндаг.
27Уыдон — Зевулоны хæдзарвæндæгтæ, сæ
нымадмæ гæсгæ — æхсай мин фондзсæдæ.
28Йосефы байзæддæгтæ сæ хæдзарвæн-
дæгтæм гæсгæ: Менассиа æмæ Ефрем. 29Ме-
нассиайы байзæддæгтæ: Махирæй — Ма-
хиры хæдзарвæндаг; Махирæй райгуырд
Галаад, Галаадæй рацыд Галаады хæдзар-
вæндаг. 30Галаады фырттæ: Иезерæй — Ие-
зеры хæдзарвæндаг, Хелекæй — Хелечы хæ-
дзарвæндаг, 31Асриелæй — Асриелы хæдзар-
вæндаг, Шехемæй — Шехемы хæдзарвæндаг,
32Шемидайæ — Шемидайы хæдзарвæндаг,
Хеферæй — Хеферы хæдзарвæндаг. 33Хе-
феры фырт Цалфахадæн фырт нæ уыд, æр-
мæст — чызджытæ. Цалфахады чызджыты
нæмттæ: Махла, Ноа, Хогла, Милка, Тирца.
34Уыдон — Менассиайы хæдзарвæндæгтæ,
нымад та дзы æрцыд — фæндзай дыууæ
мин авдсæдæ.
35Ефремы байзæддæгтæ сæ хæдзарвæндæг-
тæм гæсгæ: Шутелахæй — Шутелахы хæдзар-
вæндаг, Бехерæй — Бехеры хæдзарвæндаг,
Таханæй — Таханы хæдзарвæндаг. 36Шутела-
хы байзæддæгтæ: Еранæй — Ераны хæдзар-
вæндаг. 37Уыдон — Ефремы байзæддæгты хæ-
дзарвæндæгтæ, сæ нымадмæ гæсгæ — æртын

дыууæ мин фондзсæдæ. Уыдон — Йосефы
байзæддæгтæ сæ хæдзарвæндæгтæм гæсгæ.
38Бениамины байзæддæгтæ сæ хæдзар-
вæндæгтæм гæсгæ: Белайæ — Белайы
хæдзарвæндаг, Ашбелæй — Ашбелы хæ-
дзарвæндаг, Ахирамæй — Ахирамы хæ-
дзарвæндаг, 39Шефуфамæй — Шефуфамы
хæдзарвæндаг, Хуфамæй — Хуфамы хæдзар-
вæндаг. 40Белайы фырттæ уыдысты: Ард
æмæ Нааман. Ардæй — Арды хæдзарвæн-
даг, Нааманæй — Нааманы хæдзарвæндаг.
41Уыдон — Бениамины байзæддæгтæ сæ
хæдзарвæндæгтæм гæсгæ, нымад та дзы
æрцыд цыппор фондз мин æхсæзсæдæ.
42Даны байзæддæгтæ сæ хæдзарвæндæг-
тæм гæсгæ: Шухамæй — Шухамы хæдзар-
вæндаг; уыдон — Даны байзæддæгтæ сæ
хæдзарвæндæгтæм гæсгæ. 43Шухамы хæ-
дзарвæндæгтæ сæ нымадмæ гæсгæ æдæп-
пæтæй — æхсай цыппар мин æхсæзсæдæ.
44Асиры байзæддæгтæ сæ хæдзарвæн-
дæгтæм гæсгæ: Имнайæ — Имнайы хæдзар-
вæндаг, Ишвийæ — Ишвийы хæдзарвæндаг,
Бриайæ — Бриайы хæдзарвæндаг. 45Бриайы
фырттæй: Хеверæй — Хеверы хæдзарвæндаг,
Малкиелæй — Малкиелы хæдзарвæндаг.
46Асиры чызджы ном — Серах.
47Уыдон — Асиры байзæддæгты хæдзар-
вæндæгтæ, сæ нымадмæ гæсгæ — фæндзай
æртæ мин цыппарсæдæ.
48Нафталийы байзæддæгтæ сæ хæдзар-
вæндæгтæм гæсгæ: Йахцеелæй — Йахцеелы
хæдзарвæндаг, Гунийæ — Гунийы хæдзар-
вæндаг, 49Йецерæй — Йецеры хæдзарвæн-
даг, Шиллемæй — Шиллемы хæдзарвæндаг.
50Уыдон — Нафталийы байзæддæгтæ сæ
хæдзарвæндæгтæм гæсгæ, сæ нымадмæ
гæсгæ та цыппор фондз мин цыппарсæдæ.
51Израилæгтæй нымад чи æрцыд, уыдоны
нымæц — æхсæсæдæ иу мин авдсæдæ æртын.
52Æмæ Дунедарæг загъта Моисейæн:
53«Адонæн зæхх хайгонд æрцæудзæн нæмт-
тæм гæсгæ.
54Фылдæр чи у, уыцы мыггæгтæн ратт
стырдæр хай, сæ нымæц бирæ кæмæн нæу,
уыдонæн та — къаддæр хæйттæ; алкæмæн
дæр хайгонд æрцæудзæн, хыгъдмæ сæ цал
адæймаджы бацыд, уымæ гæсгæ.
55Зæхх дихгонд æрцæудзæн хæлттæм гæс-
гæ, алчи йæ хæдзарвæндаджы фыдæлы но-
мæй исдзæни хай.
56Стыр у æви чысыл — алы мыггагæн дæр
халмæ гæсгæ хай лæвæрд æрцæудзæн».
57Нымад чи æрцыд, уыцы левит-
тæ та сæ хæдзарвæндæгтæм гæсгæ:
Гершонæй — Гершоны хæдзарвæндаг, Ке-
хатæй — Кехаты хæдзарвæндаг, Мерари-
йæ — Мерарийы хæдзарвæндаг.
58Левийы байзæддæгтæ: Ливнийы хæдзар-
вæндаг, Хевроны хæдзарвæндаг, Махлийы
хæдзарвæндаг, Мушийы хæдзарвæндаг, Ко-
рахы хæдзарвæндаг; Кехатæй та райгуырд
Амрам.
59Амрамы усы ном — Йохевед, Левийы
усæн Мысыры чи райгуырд, уыцы чызг. Йо-
хевед та Амрамæн ныййардта Аарон, Моисей
æмæ сæ хо Мариамы.
60Ааронæн райгуырдысты Надав, Авигу,
Елеазар, Итамар.
61Надав æмæ Авигу амардысты, нæфæтчиаг
зынг Дунедарæджы размæ куы бахастой, уæд.
62Иумæйдзыд æмæ уымæй хистæр нæл-
гоймæгтæ сæ нымадмæ гæсгæ æдæппæтæй
уыдысты дыууын æртæ мины; уыдонæн
израилæгты ’хсæн хай лæвæрд кæй не ’рцы-
ди, уымæ гæсгæ израилæгтимæ нымад не
’рцыдысты.
63Уый, Моисей æмæ сауджын Елеазар Мо-
авы дæлвæзы, Иорданы был, Йерихоны ба-
комкоммæ кæй банымадтой, уыдон.
64Се ’хсæн, Моисей æмæ сауджын Аарон
Синайы æдзæрæг быдыры кæй банымадтой,
уыдонæй иу дæр нал уыди.
65Уымæн æмæ Дунедарæг уыдонæй загъ-
та: «Амæлдзысты æдзæрæг быдыры». Æмæ
сæ ничиуал баззад, Иефоннейы фырт Калев
æмæ Нуны фырт Йешуайы йеддæмæ.

**27** Хеферы фырт Цалфахады (Хефер — Га-
лааstarting фырт, Галаад — Махиры фырт, Ма-
хир — хæдзарвæндаджы хистæр Менассиайы
фырт, Менассиа — Йосефы фырт) чызджы-
тæ — Махла, Ноа, Хогла, Милка æмæ Тир-
ца — 2бацыдысты Моисей æмæ сауджын
Елеазар, фæтæгтæ æмæ æппæт дзыллæйы
цурмæ, Фембæлды Цатыры размæ, æмæ
загътой: 3«Нæ фыд амард æдзæрæг быдыры,
æмæ уый, Дунедарæджы ныхмæ чи растад,
уыцы бардзы нæ уыди Корахы цæдисонты
’хсæн, фæлæ амард йæхи тæригъæды аххо-
сæй, æмæ йын фырттæ нæ баззад. 4Фырт
ын кæй нæй, уый тыххæй цæмæн хъуамæ
фесæфа нæ фыды ном йæ мыггагæй? Хай
нын скæн нæ фыды ’фсымæрты ’хсæн».
5Æмæ сын Моисей сæ хъуыддаг Дунеда-
рæджы раз бавдыста.
6Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн: 7«Раст
зæгъынц Цалфахады чызджытæ. Скæн сын
хай сæ фыды ’фсымæрты ’хсæн æмæ сын сæ
фыды хай ратт.

[8]Израилæгтæн та зæгъ афтæ: лæг амарди
æмæ йæ фæдыл фырт нæй, зæгъгæ, уæд-иу
ын йæ зæххы хай раттут йæ чызгæн.
[9]Чызг ын нæй, зæгъгæ, уæд та йын йæ хай
раттут йе 'фсымæртæн.
[10]Æфсымæртæ йын нæй, зæгъгæ, уæд-иу
ын йæ хай раттут йæ фыды 'фсымæртæн.
[11]Фыды 'фсымæртæ йын куынæ уа, уæд-иу
ын йæ хай раттут, йæ хæдзарвæндагæй йæм
æввахсдæр чи у, уыцы хионæн. Уый изра-
илæгтæн баззайæд æгъдауæн, Дунедарæг
Моисейæн куыд загъта, афтæ».
[12]Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн: «Мæ-
нæ Аваримы хохмæ ссу æмæ, израилæгтæн
цы зæхх радтон, уымæ акæс.
[13]Æмæ йæм куы акæсай, уæд ды дæр дæ
адæмы 'хсæнæй фæхъæудзынæ, де 'фсымæр
Аарон куыд фæхъуыди, афтæ. [14]Уымæн æмæ
сымах Мæ ныхасмæ нæ байхъуыстат Цины
æдзæрæг быдыры, адæм куы сызмæстой,
уæд: цæмæй уыдон, Æз уаз кæй дæн, уый
сæхи цæстæй феной, уыцы суадоны был».
(Уыцы суадон уыди Меривайы, Кадешы,
Цины æдзæрæг быдыры.)
[15]Æмæ загъта Моисей Дунедарæгæн:
[16]«Дунедарæг, æппæт цæрæг удтæн царды
комулæфт дæттæг Хуыцау, ацы дзыллæ-
йæн сæ сæргъы ахæм адæймаджы сæвæрæд,
[17]балцы цæугæйæ дæр æмæ фæстæмæ здæх-
гæйæ дæр сæ разæй чи цæуа, йæ фæдыл кæ-
нын сæ йæ бон кæмæн уа æмæ-иу сæ фæстæ-
мæ дæр чи 'рбакæна, цæмæй Дунедарæджы
дзыллæ æнæфыййау дзуджы хуызæн ма уа».
[18]Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн: «Райс
дæхимæ Нуны фырт Йешуайы, Хуыцауы
Удæй хайджын чи у, уыцы адæймаджы, æмæ
йыл дæ къух æрæвæр. [19]Æрлæууын æй кæн
сауджын Елеазар æмæ æппæт дзыллæйы раз,
сбарджын æй кæн сæ разы. [20]Дæ кадæй йæ
скадджын кæн, цæмæй йæм израилæгты
дзыллæ иууылдæр хъусой. [21]Æмæ-иу бацæ-
уæд уый сауджын Елеазары размæ, цæмæй
йын уый уримы фæрцы Дунедарæджы ба-
фæрса. Дунедарæджы ныхасмæ гæсгæ цæу-
дзысты фæндагыл, Дунедарæджы ныхасмæ
гæсгæ здæхдзысты фæстæмæ — Йешуа æмæ
æппæт израилæгтæ, æгас дзыллæ».
[22]Бакодта Моисей, Дунедарæг ын куыд
загъта, афтæ: Йешуайы сауджын Елеазар
æмæ æппæт дзыллæйы раз æрлæууын кодта,
[23]йæ арм ыл æрæвæрдта æмæ йæ æххæст-
барджын скодта, Дунедарæг Моисейы уылты
куыд бафæдзæхста, афтæ.

**28** Дунедарæг Моисейæн загъта:
[2]«Израилæгтæн бафæдзæхс, цæмæй Мын
Мæ хуын, Мæ хуымилиаг, Мæ иууылсудзи-
наг нывонд æхцон хæрздæфæн йæ афоныл
хæссой.
[3]Зæгъ сын: Дунедарæгæн арты нывондæн
æрвылбон хъуамæ кусарт кæнат дыууæ æнæ-
сахъат фыргуисты.
[4]Иу уæрыкк-иу райсомæй акусарт кæн,
иннæ — дыууæизæрастæу.
[5]Хуымилиагæн та — æвзаргæ мæнæуы сса-
ды ефæйы иу дæсæймаг хай оливæйы сойы
гины цыппæрæм хаимæ змæстæй.
[6]Уый — æппæты фыццаг Синайы хохыл
хаст чи æрцыди, æрвылбоны уыцы арты
нывонд, Дунедарæгæн æхцон хæрздæф.
[7]Йемæ — сæн: алы уæрыккæн дæр — гины
цыппæрæм хай; уаз бынаты-иу акал сæн
Дунедарæгæн.
[8]Иннæ уæрыччы та, сæумæрайсом цы хуы-
милиаг æмæ сæны хуын æрбахæссат, ахæ-
мимæ дыууæизæрастæу акусарт кæн арты
нывонд, Дунедарæгæн æхцон хæрздæфæн.
[9]Сабаты та — дыууæ æнæсахъат уæрыч-
чы, семæ — хуымилиаг: сойхæццæ æвзаргæ
мæнæуы ссадæй ефæйы дыууæ дæсæймаг
хайы сæнимæ.
[10]Уый — сабаты иууылсудзинаг, æрвыл-
боны иууылсудзинаг нывонд æмæ сæнæй
уæлдай.
[11]Уæ мæйноджы бæрæгбæтты та-иу Дуне-
дарæгæн иууылсудзинаг нывондæн акусарт
кæнут дыууæ æнæсахъат уæныджы, иу фыр
æмæ авд фыргуисты.
[12]Алы уæныгимæ — йæ хуымилиаг: сой-
хæццæ æвзаргæ мæнæуы ссадæй ефæйы
æртæ дæсæймаджы; алы фыры хуымилиаг:
сойхæццæ æвзаргæ мæнæуы ссадæй ефæйы
дыууæ дæсæймаджы.
[13]Алы уæрыккимæ — сойхæццæ æвзаргæ
мæнæуы ссады ефæйы дæсæймаг хай. Уый
у иууылсудзинаг нывонд, Дунедарæгæн
æхцон хæрздæфæн.
[14]Семæ та хъуамæ уа сæн: гины æрдæг —
уæныгимæ, гины æртыккаг хай — фыри-
мæ, гины цыппæрæм хай — уæрыккимæ.
Уый — иууылсудзинаг нывонд афæдзы алы
мæйноджы дæр.
[15]Æрвылбоны иууылсудзинагæй уæлдай
ма Дунедарæгæн тæригъæды нывондæн
æрхæссын хъæуы цæу, йемæ та — сæн.
[16]Фыццаг мæйы цыппæрдæсæм бон — Ду-
недарæджы Куадзæн.
[17]Уыцы мæйы фынддæсæм бон дæр — бæ-
рæгбон. Авд боны дæргъы донгонд гуылтæ
хæрын æмбæлы.

18Фыццаг бон — уазæмбырд; мацы-иу
бакусут.
19Дунедарæгæн æрхæссут арты нывонд,
ииуылсудзинаг: дыууæ уæныджы, иу фыр
æмæ авд фыргуисты, æнæсахъат куыд уой,
афтæ. 20Семæ — сойхæццæ æвзаргæ мæнæуы
ссадæй хуымилиаг: ефæйы æртæ цыппæ-
рæймаджы — алы уæныгимæ, дыууæ дæ-
сæймаджы — фыримæ, 21иу дæсæймаг — алы
уæрыккимæ.
22Æмæ ма иу цæу та — тæригъæды нывон-
дæн, уæ тæригъæдтæ ссыгъдæг кæныны охыл.
23Æрвылбон кæй хæссут, сæумæрайсомы
уыцы ииуылсудзинаг нывондæй уæлдай
ма-иу уыдон дæр кæнут.
24Афтæ авд боны дæргъы, алы бон дæр,
цæттæ кæнут хойраг арты нывондæн, Ду-
недарæгæн æхцон хæрздæфæн; æрвылбоны
ииуылсудзинаг нывондæй уæлдай ма æм-
бæлы æрбахæссын сæн.
25Æвдæм бон та — уазæмбырд; мацы-иу
бакусут.
26Хоры сæрты бæрæгбоны, Дунедарæгæн
ног хуымилиаг куы хæссат Къуыриты бæ-
рæгбоны, уæд дæр-иу уазæмбырд скæнут;
мацы-иу бакусут.
27Æмæ-иу æрхæссут ииуылсудзинаг ны-
вонд, Дунедарæгæн æхцон хæрздæфæн: дыу-
уæ уæныджы, иу фыр æмæ авд нæлгуисты.
28Семæ — сойхæццæ æвзаргæ мæнæуы
ссадæй хуымилиаг: ефæйы æртæ дæсæйма-
джы — алы уæныгæн, дыууæ дæсæймаджы —
фырæн, 29иу дæсæймаг — авд уæрыккæй
алкæцыйæн дæр.
30Иу цæу та ма — тæригъæды нывондæн,
уæ тæригъæдтæ ссыгъдæг кæныны тыххæй.
31Æрвылбоны ииуылсудзинаг нывонд æмæ
хуымилиагæй уæлдай ма хæссын хъæуы ацы
нывæндтæ сæнимæ.

**29** Æвдæм мæйы фыццаг бон та уын уæд
уазæмбырд, мацы куыст кæнут, уыцы бон-иу
сыкъауадындзты уасын хъуысæд.
2Акусарт-иу кæнут ииуылсудзинаг ны-
вонд, Дунедарæгæн æхцон хæрздæфæн: иу
уæныг, иу фыр, авд фыргуисты — æнæсахъат
куыд уой, афтæ. 3Семæ сойхæццæ æвзаргæ
мæнæуы ссадæй хуымилиаг: ефæйы æртæ
дæсæймаджы — уæныгæн, дыууæ дæсæй-
маджы — фырæн, 4иу дæсæймаг — авд уæ-
рыккæй алкæмæн дæр.
5Иу цæу та ма — тæригъæды нывондæн,
уæ тæригъæдтæ ссыгъдæг кæныны охыл.
6Мæйноджы æмæ æрвылбоны ииуыл-
судзинаг нывæндтæй уæлдай ма, сæ
хуымилиаг æмæ, æгъдау кæй домы, уыцы
сæнимæ, ацы нывæндтæ дæр хæссын хъæуы
Дунедарæгæн. Уый у арты нывонд, æхцон
хæрздæф Дунедарæгæн.
7Уыцы мæйы дæсæм бон та уын уæд уазæм-
бырд; ком-иу дарут æмæ-иу мацы бакусут.
8Ииуылсудзинаг нывонд-иу æрхæссут
Дунедарæгæн æхцон хæрздæфæн: иу уæныг,
иу фыр æмæ авд фыргуисты, æнæсахъат ку-
ыд уой, афтæ. 9Семæ — сойхæццæ æвзаргæ
мæнæуы ссадæй хуымилиаг: ефæйы æртæ
дæсæймаджы — уæныгæн, дыууæ дæсæйма-
джы — фырæн, 10иу дæсæймаг хай та — авд
уæрыккæй алкæцыйæн дæр.
11Иу цæу — тæригъæды нывондæн, ссыгъ-
дæджы охыл тæригъæды нывонд æмæ æр-
вылбоны ииуылсудзинаг нывондæй уæлдай,
сæ хуымилиаг æмæ сæнимæ.
12Æвдæм мæйы фынддæсæм бон уын уæд
уазæмбырд, мацы-иу бакусут. Дунедарæ-
джы бæрæгбон авд боны дæргъы бæрæг
кæнут 13æмæ-иу ииуылсудзинагæн, арты
нывондæн, Дунедарæгæн æхцон хæрздæфæн,
акусарт кæнут æртындæс уæныджы, дыууæ
фыры æмæ цыппæрдæс нæлгуисты, æнæ-
сахъат куыд уой, афтæ. 14Семæ сойхæццæ
æвзаргæ мæнæуы ссадæй хуымилиаг: ефæйы
æртæ дæсæймаджы — æртындæс уæныгæй
алкæцыйæн дæр, фæйнæ дыууæ дæсæйма-
джы — дыууæ фырæн, 15иу дæсæймаг — цып-
пæрдæс уæрыккæй алкæцыйæн дæр.
16Иу сæгъ та — тæригъæды нывондæн, æр-
вылбон цы ииуылсудзинаг нывонд æд хуы-
милиаг æмæ сæн æрхæссут, уымæй уæлдай.
17Дыккаг бон та — дыууадæс уæныджы,
дыууæ фыры, цыппæрдæс фыргуисты, æнæ-
сахъат куыд уой, афтæ. 18Семæ хуымили-
аг æмæ сæн — уæнгуытæ, фырытæ æмæ
уæрыччытæн сæ нымæцмæ гæсгæ, æгъдау
куыд домы, афтæ.
19Иу сæгъ та — тæригъæды нывондæн, æр-
вылбон хуымилиаг æмæ сæнимæ цы ииуыл-
судзинаг нывонд æрхæссут, уымæй уæлдай.
20Æртыккаг бон — иуæндæс уæныджы, дыу-
уæ фыры, цыппæрдæс фыргуисты, æнæсахъат
куыд уой, афтæ. 21Семæ — хуымилиаг æмæ
сæн — уæнгуытæ, фырытæ æмæ уæрыччытæн
сæ нымæцмæ гæсгæ, æгъдау куыд домы, афтæ.
22Æмæ иу сæгъ — тæригъæды нывондæн,
æрвылбон хуымилиаг æмæ сæнимæ цы
ииуылсудзинаг нывонд æрхæссут, уымæй
уæлдай.
23Цыппæрæм бон — дæс уæныджы, дыууæ
фыры, цыппæрдæс фыргуисты, æнæсахъат
куыд уой, афтæ.

24Семæ хуымилиаг æмæ сæн — уæнгуытæ,
фырытæ æмæ уæрыччытæн сæ нымæцмæ
гæсгæ, æгъдау куыд домы, афтæ.
25Иу сæгъ та — тæригъæды нывондæн, æр-
вылбон хуымилиаг æмæ сæнимæ цы иууыл-
судзинаг нывонд æрхæссут, уымæй уæлдай.
26Фæндзæм бон — фараст уæныджы, дыу-
уæ фыры, цыппæрдæс нæлгуисты, æнæ-
сахъат куыд уой, афтæ. 27Семæ — хуыми-
лиаг æмæ сæн — уæнгуытæ, фырытæ æмæ
уæрыччытæн сæ нымæцмæ гæсгæ, æгъдау
куыд домы, афтæ.
28Иу сæгъ та — тæригъæды нывондæн, æр-
вылбон цы иууылсудзинаг нывонд æрхæссут,
хуымилиаг æмæ сæнимæ, уымæй уæлдай.
29Æхсæзæм бон — аст уæныджы, дыуугæ
фыры, цыппæрдæс фыргуисты, æнæсахъат
куыд уой, афтæ.
30Семæ хуымилиаг æмæ сæн — уæнгуытæ,
фырытæ æмæ уæрыччытæн сæ нымæцмæ
гæсгæ, æгъдау куыд домы, афтæ.
31Иу сæгъ та — тæригъæды нывондæн, æр-
вылбон цы иууылсудзинаг нывонд æрхæссут,
хуымилиаг æмæ сæнимæ, уымæй уæлдай.
32Æвдæм бон — авд уæныджы, дыууæ фы-
ры, цыппæрдæс фыргуисты, æнæсахъат куыд
уой, афтæ. 33Семæ — хуымилиаг æмæ сæн —
уæнгуытæ, фырытæ æмæ уæрыччытæн сæ
нымæцмæ гæсгæ, æгъдау куыд домы, афтæ.
34Иу сæгъ та — тæригъæды нывондæн, æр-
вылбон цы иууылсудзинаг нывонд æрхæссут,
хуымилиаг æмæ сæнимæ, уымæй уæлдай.
35Æстæм бон уын уæд уазæмбырд; мацы
куыст кæнут. 36Æмæ-иу иууылсудзинагæн,
арты нывондæн, Дунедарæгæн æхцон хæрз-
дæфæн, акусарт кæнут иу уæныг, иу фыр,
авд фыргуисты, æнæсахъат куыд уой, афтæ.
37Семæ хуымилиаг æмæ сæн — уæныг, фыр
æмæ уæрыччытæн сæ нымæцмæ гæсгæ, æгъ-
дау куыд домы, афтæ.
38Иу сæгъ та — тæригъæды нывондæн, æр-
вылбон цы иууылсудзинаг нывонд хæссут,
хуымилиаг æмæ сæнимæ, уымæй уæлдай.
39Дунедарæгæн æппæт уыцы нывæндтæ
хæссут нысангонд бонты, сомы бакæнгæйæ
кæнæ Йын барвæндонæй æд хуымилиаг æмæ
сæн цы иууылсудзинæгтæ æмæ нывæндтæ
хæссут, уыдонæй уæлдай».

**30** Моисей израилæгтæн рафæзмыдта,
Дунедарæг ын цы бафæдзæхста, уыдæттæ.

2Моисей израилаг хæдзарвæндæгты
хистæртæн загъта: «Мæнæ цы фæдзæхсы
Дунедарæг:
3„Исчи Дунедарæгæн сомы куы ракæна
кæнæ истæмæй йæхицæн тобæ куы загъа,
уæд хъуамæ йæ дзырд ма фæсайа, цыдæ-
риддæр загъта, уый сæххæст кæна.
4Сылгоймаг йæ фыды хæдзары, мойгонд
нæма у, афтæмæй Дунедарæгæн ард куы
бахæра кæнæ истæмæй йæхицæн тобæ куы
загъа 5æмæ йын йæ фыд йæ ардбахæрд кæнæ
йæ тобæ куы фехъуса æмæ куы ницы загъа,
уæд сылгоймагæн йæ ардбахæрд дæр фидар
уыдзæн æмæ йæ тобæ дæр. 6Фыд æй куы фе-
хъуса æмæ йæ ныхмæ куы рацæуа, уæд та йæ
ардбахæрд æмæ йæ тобæ æцæг нæ уыдзысты.
Дунедарæг ын ныххатыр кæндзæн, уымæн
æмæ йын йæ фыд бар нæ радта.
7Чындзы фæцæугæйæ, ардбахæрдтæ æмæ
æнæрхъуыды сомытæй баст кæй у, 8уый йæ
сæрыхицау куы базона æмæ куы ницы зæ-
гъа, уæд сылгоймагæн йæ ардбахæрд дæр
æмæ йæ тобæ дæр фидар сты. 9Йæ сæры-
хицау æй куы базона æмæ йæ ныхмæ куы
рацæуа, уæд та йын мæнг сты. Дунедарæг
ын ныххатыр кæндзæн. 10Идæдз кæнæ йæ
лæгæй хицæн сылгоймаджы ардбахæрд та
йæ хъæру нæ сафы.
11Кæд æмæ йæ лæджы хæдзары бахордта
ард æмæ цæмæйдæр, сомы ракæнгæйæ, йæ-
хицæн тобæ загъта, 12йæ сæрыхицау та йæ
фехъуыста æмæ ницы загъта, йæ ныхмæ нæ
рацыд, уæд æцæг у йæ ардбахæрд, æцæг у
йæ алы тобæ дæр. 13Фæлæ йын сæ йæ сæры-
хицау куы базона æмæ ныхмæ куы рацæуа,
уæд йæ ардбахæрд æмæ йæ тобæтæ æцæг нæ
уыдзысты: йæ сæрыхицау сæ фæмæнг кодта,
æмæ йын Дунедарæг ныххатыр кæндзæн.
14Сылгоймагæн йæ цыфæнды ардбахæрд
дæр æмæ тобæ дæр хъуамæ йæ сæрыхицау
сфидар кæнæ фæмæнг кæна.
15Фæлæ йæ сæрыхицау дыккаг бонмæ йæ-
хи куы ныхъхъус кæна, уæд ын уымæй йæ
ардбахæрдтæ æмæ йæ тобæтæ сфидар кодта,
уымæн æмæ сæ куы фехъуыста, уæд уыцы
бон ницы загъта. 16Куы сæ фехъуса, уымæй
сæ цасдæр рæстæджы фæстæ куы аива, уæд
та йæ бæсты тæригъæд бафиддзæн“».
17Уыдон — Дунедарæг Моисейæн кæй ба-
фæдзæхста, уыцы æгъдæуттæ, лæг æмæ
усæн, фыд æмæ йе ’рыгон чызджы ’хсæн,
цалынмæ мойгонд нæма у æмæ йæ фыды
хæдзары ис, уæдмæ.

**31** Дунедарæг загъта Моисейæн:
2«Израилæгты маст райс мидианæг-
тæй æмæ уый фæстæ ацы дунейæ ахицæн
уыдзынæ».

3Æмæ загъта Моисей адæмæн: «Уæ адæ-
мæй гæрзифтонг æфсад скæнут, цæмæй ми-
дианæгты ныхмæ ралæууой æмæ сæ Дунеда-
рæджы маст райсой. 4Алы хæдзарвæндагæй
дæр — мин, израилаг хæдзарвæндæгтæ се
’ппæт дæр хъуамæ уой æфсады».
5Æмæ дыууадæс мин гæрзифтонг изра-
иладжы, алы хæдзарвæндагæй дæр мин,
æфсадмæ бацыдысты. 6Моисей сæ хæстмæ
арвыста, алы хæдзарвæндагæй дæр мин,
сæ разамонæг — Пинхас, сауджын Елеа-
зары фырт, йæ къухы — уаз мигæнæнтæ
æмæ фæдисы сыкъауадындзтæ, афтæмæй.
7Схæцыдысты мидианæгтимæ, Дунедарæг
Моисейæн куыд загъта, афтæ æмæ дзы нæл-
гоймагæй чидæриддæр уыди, уыдоны се
’ппæты дæр ныццагътой. 8Мæрдты æхсæн —
мидианæгты фондз паддзахы: Еви, Рекем,
Цур, Хур æмæ Рева; Беоры фырт Балаам дæр
кардылæфтыд фæци.
9Мидианæгты сылгоймæгтæ æмæ сабиты
та израилæгтæ уацары акодтой, сæ фос, сæ
рæгъæуттæ, сæ мулк сын иууылдæр ратæлæт
кодтой. 10Кæм цардысты, уыцы сахартæ æмæ
сын сæ фидæрттæ арты хай бакодтой. 11Се
’фтиаг æмæ сæ амæттæгтыл — адæймагæй,
фосæй — рахæцыдысты 12æмæ сæ — уацай-
рæгты дæр æмæ, цы фæфос кодтой, уыцы
фæллой æнæхъæнæй, — Моисей, сауджын
Елеазар æмæ израилæгты æппæт дзыллæ-
йы раз балæууын кодтой рæсæнуаты, мо-
аваг быдырты, Иорданы был, Йерихоны
бакомкоммæ.
13Æмæ Моисей, сауджын Елеазар æмæ
дзыллæйы хицæуттæ рæсæнуатæй сæ раз-
мæ рацыдысты. 14Æмæ смæсты ис Моисей,
хæстæй чи æрбацыди, уыцы æфсæддон
хицæуттæм, мины хицæуттæ æмæ сæдæ-
йы хицæуттæм. 15Æмæ сын загъта Моисей:
«Сылгоймæгты се ’ппæты дæр удæгасæй
ныууагътат? 16Афтæмæй та, Балаамы уы-
наффæмæ гæсгæ, уыдон израилæгты ба-
цардыдтой Дунедарæджы ныхмæ, цæмæй
Йыл сæхи атигъ кæной æмæ Пеоры ’рдæм
фæуой; æмæ Дунедарæджы дзыллæйыл рын
сыстад. 17Уæдæмæ амарут, нæлгоймаджы
мыггагæй дзы цыдæриддæр сабитæ ис, уы-
доны æмæ, нæлгоймагимæ æмуат чи æрцыд,
уыцы сылгоймæгтæй алкæй дæр амарут.
18Нæлгоймагимæ æмуат чи нæма æрцыд,
уыцы æнахъом сылыстæджы та удæгасæй
ныууадзут уæхицæн.
19Æмæ рæсæнуаты æдде авд боны фæут;
адæймаг чи амардта æмæ мардыл чи андзæ-
выди, уыдонæй алчидæр йæхи ссыгъдæг
кæнæд æртыккаг æмæ æвдæм бон, уæхæдæг
дæр æмæ уæ уацайрæгтæ дæр. 20Цæрмын
æмæ сæгъы хъуынæй уæлæдарæс иууылдæр,
стæй æппæт хъæдын мигæнæнтæ æмбæлы
ссыгъдæг кæнын».
21Æмæ загъта сауджын Елеазар, хæсты чи
уыди, уыцы æфсæддонтæн: «Мæнæ уын, Ду-
недарæг Моисейæн цы æгъдау бафæдзæхста,
уый: 22сыгъзæрин, æвзист, æрхуы, æфсæйнаг,
къала æмæ зды — 23арты цы нæ судзы, уы-
дон иууылдæр арты ссыгъдæг кæнут æмæ
сæ сыгъдæггæнæн донæй æрæхсут; арты
цы судзы, æппæт уыдон та донæй ссыгъдæг
кæнын хъæуы. 24Уæ уæлæдарæс дæр цæхсут
æвдæм бон, æмæ ссыгъдæг уыдзыстут; уый
фæстæ уын рæсæнуатмæ бацæуыны бар ис».
25Дунедарæг загъта Моисейæн:
26«Сæрæй-сæрмæ банымай æфтиаг — адæ-
мæй, фосæй цы ратæлæт кодтам, уый — сау-
джын Елеазар æмæ дзыллæйы хæдзарвæн-
дæгты хистæртимæ. 27Хæсты чи уыди, уыцы
æфсæддонтæ æмæ йæ æппæт дзыллæйы
’хсæн дыууæ дихы акæн. 28Хæсты чи уыди,
уыцы æфсæддонтæй Дунедарæгæн хъалон
райс, алы фондзсæдæйæ дæр — фæйнæ иуы:
адæмæй дæр, стурвосæй дæр, хæрджытæй
дæр, лыстæг фосæй дæр. 29Уыдон, цы хай
сæм хауы, уымæй рахицæн кæн æмæ сæ,
Дунедарæгæн скувынæн, сауджын Елеа-
зарæн ратт.
30Израилæгтæм цы хауы, уымæн та йæ алы
дæс æмæ дыууиссæдзæм хайæ дæр — адæ-
мæй, стуртæй, хæрджытæй, лыстæг фосæй,
æппæт хæдзарон фосæй — иу сæр рахицæн
кæн æмæ йæ Дунедарæджы цатыры лæггад-
гæнæг левиттæн ратт».
31Æмæ бакодтой Моисей æмæ сауджын
Елеазар, Дунедарæг Моисейæн куыд бафæ-
дзæхста, афтæ.
32Æмæ æфтиаг исбон, хæсты чи уыди, уы-
цы æфсæддонтæ кæй айстой, уый нæ ны-
майгæйæ, уыдис: æхсæзсæдæ æвдай фондз
мин сæры — лыстæг фос, 33стурвос — æвдай
дыууæ мины, 34хæрджытæ — æхсай иу мин,
35адæймæгтæ, нæлгоймагимæ æмуат чи
нæма æрцыд, ахæм сылыстæг, æдæппæ-
тæй — æртын дыууæ мины.
36Хæсты чи уыди, уыдоны хайы, куы сæ ба-
нымадтой, уæд разынди: æртæсæдæ æртын
авд мин фондзсæдæ — лыстæг фос, 37уыдо-
нæй Дунедарæджы хъалон — æхсæзсæдæ æв-
дай фондз; 38стурвос — æртын æхсæз мины,
уыдонæй æвдай дыууæ — Дунедарæджы хъа-
лон; 39хæрджытæ — æртын мин фондзсæдæ,
уыдонæй æхсай иу — Дунедарæджы хъалон;

40уацайрæгтæ — æхсæрдæс мины, уыдонæй
æртын дыууæ — Дунедарæджы хъалон.
41Æмæ радта Моисей сауджын Елеазарæн
Дунедарæджы хъалон, Йæ мысайнаг, Дуне-
дарæг ын куыд бафæдзæхста, афтæ.
42Израилæгтæн цы хай райста Моисей,
хæцгæ чи кодта, уыдоны тæлæтæй, 43уый
та дзыллæйы уыди: æртæсæдæ æртын авд
мин фондзсæдæ — лыстæг фос; 44стурвос —
æртын æхсæз мины; 45хæрджытæ — æртын
мин фондзсæдæ; 46уацайрæгтæ — æхсæр-
дæс мины.
47Израилæгтæм цы хауд, уымæн Моисей
йæ алы дæс æмæ дыууисæдзæй дæр иу ра-
хицæн кодта — уацайрæгтæй дæр æмæ фо-
сæй дæр — æмæ йæ Дунедарæджы цатыры
лæггадгæнæг левиттæн, Дунедарæг ын куыд
бафæдзæхста, афтæ радта.
48Æрбалæууыдысты Моисеймæ æфсады
хицæуттæ, минтæ æмæ сæдæты сæргъ-
лæуджытæ. 49Загътой Моисейæн: «Мах, дæ
цагъартæ, нæ бæрны чи уыди, уыцы æф-
сæддонты банымадтам, æмæ дзы иу дæр нæ
фæхъуыд. 50Æмæ мах, цæмæй Дунедарæджы
раз сыгъдæг уæм, уый тыххæй Дунедарæ-
гæн мысайнагæн æрбахастам, йæ къухы нæ
кæмæн цы бафтыд, уый: сыгъзæрин мигæ-
нæнтæ, цонгдарæнтæ, æргъæвджытæ, къух-
дарæнтæ, хъусцæджытæ æмæ хъуырылдаргæ
фæлындæнтæ».
51Æмæ сын райстой Моисей æмæ сау-
джын Елеазар сæ сыгъзæринтæ, алыхуы-
зон фæлындæнтæ. 52Æмæ Дунедарæгæн
мысайнагæн цы сыгъзæрин æрбацыд мины
хицæуттæ æмæ сæдæйы хицæуттæй, уый
æдæппæтæй уыди æхсæрдæс мин авдсæдæ
фæндзай шекелы.
53Æфсæддонтæй алчи тыхтона кодта йæ-
хи пайдайæн.
54Æмæ сыгъзæрин райстой Моисей æмæ
сауджын Елеазар мины хицæуттæ æмæ сæ-
дæйы хицæуттæй æмæ йæ, израилæгтæ Ду-
недарæджы сæ зæрдыл кæй дарынц, уый
нысанæн Фембæлды Цатырмæ бахастой.

**32** Рувим æмæ Гады байзæддæгтæм рæ-
гъæуттæ тынг бирæ уыди. Йазер æмæ Гала-
ады бæстæтæ куы федтой, уæд сæм стурвос
хизынæн хорз фæкастысты. 2Бацыдысты
Гад æмæ Рувимы байзæддæгтæ Моисеймæ,
сауджын Елеазар æмæ дзыллæйы фæтæгтæм
æмæ загътой: 3«Атарот, Дивон, Йазер, Ним-
ра, Хешбон, Елале, Свам, Нево æмæ Беон —
4Дунедарæг израилæгты цæстыты раз кæй
æрцавта, уыцы зæхх стурвосы зæхх у, æмæ
дæ цагъартæм та ис рæгъæуттæ». 5Загътой:
«Кæд нæ дæ хорзæхы аккаг кæныс, уæд уы-
цы зæхх ратт махæн, Иорданы сæрты нæ ма
ахизын кæн». 6Æмæ загъта Моисей Гад æмæ
Рувимы байзæддæгтæн: «Уе ’фсымæртæ
хæстмæ ацæудзысты, сымах та ам баддзыс-
тут? 7Цæмæн ардаут израилæгты, цæмæй
ма ацæуой, Дунедарæг сын цы бæстæ радта,
уырдæм? 8Уæ фыдæлтæ дæр афтæ бакодтой,
Кадеш-Барнеайæ сæ, уыцы бæстæм æркæсут,
зæгъгæ, куы арвыстон, уæд. 9Ешколы дæл-
вæзмæ бахæццæ сты, бæстæ федтой æмæ
израилæгты сардыдтой, цæмæй, Дунедарæг
сын цы бæстæ радта, уырдæм ма ацæуой.
10Æмæ рафыхт уыцы бон Дунедарæджы
маст, æмæ басомы кодта: 11„Нæ фендзыс-
ты, Мысырæй чи рацыд, уыцы адæм, ссæдз
азы æмæ уымæй уæлæмæ кæуыл цæуы, уы-
дон, Æз Авраам, Исаак æмæ Йаковæн зæрдæ
цы бæстæй бавæрдтон, уый, уымæн æмæ
Мæ коммæ нæ бакастысты. 12Æрмæстдæр
кенизаг Иефоннейы фырт Калев æмæ Ну-
ны фырт Йешуа сæххæст кодтой Дунеда-
рæджы фæндон“.
13Æмæ рафыхти Дунедарæджы маст изра-
илæгтæм, æмæ сæ дыууиссæдз азы æдзæрæг
быдыры фæракæн-бакæн кодта, цалынмæ,
Дунедарæджы цæсты фыдгæнæг чи уыди,
уыдоны мыггаг сыскъуыди, уæдмæ. 14Æмæ
мæнæ ныр уæ фыдæлты бынаты ралæууы-
дыстут сымах, тæригъæдджынты бардз,
цæмæй та Дунедарæджы маст израилæгтæм
рафыца. 15Уæ чъылдым Æм куы раздахат,
уæд ма израилæгты ноджыдæр фæдардзæн
æдзæрæг быдыры, æмæ сæ бынтондæр ба-
царæфтыд кæндзыстут».
16Уæд æм бацыдысты æмæ йын загътой:
«Нæ фосы дзугтæн ам уæтæртæ сараздзыс-
тæм, нæ сабитæн — сахартæ. 17Нæхæдæг та
гæрзифтонгæй ацæудзыстæм израилæгты
разæй, цалынмæ сæ нæ бахæццæ кæнæм
сæ бынатмæ, уæдмæ; не ’нахъом сабитæ та,
ацы бæстæйы цæрджытæй сын тас кæм нæ
уа, ахæм фидаргонд сахарты баззайæнт. 18Не
’рбаздæхдзыстæм нæ хæдзæрттæм, цалын-
мæ израилæгтæй алчидæр йæ хай нæ райса,
уæдмæ. 19Мах уыдонимæ хай нæ райсдзыс-
тæм Иорданы фаллаг фарс, уымæн æмæ
Иорданæн йæ ацы, скæсæнварс, исæм хай».
20Моисей сын загъта: «Кæд афтæ бакæнат
æмæ Дунедарæджы раз гæрзифтонгæй хæстмæ
ацæуат, 21Дунедарæджы раз Иорданы сæрты
ахизат æмæ, цалынмæ Уый Йе знæгты зæхх
нæ байса 22æмæ бæстæ нæ басæтта, уæдмæ тох
кæнат, уæд, фæстæмæ æрбаздæхгæйæ, æназым

уыдзыстут Дунедарæг æмæ Израилы раз, æмæ
ацы бæстæ сымахæн баззайдзæн. 23Афтæ куы-
нæ бакæнат, уæд та тæригъæдджын уыдзыстут
Дунедарæджы раз, æмæ уæ уыцы тæригъæды
азар кæй баййафдзæн, уый зонут. 24Аразут са-
хартæ уе 'нахъом сабитæн æмæ уæтæртæ уæ
лыстæг фосæн, уæ дзырдæн хицау ут».

25Æмæ загътой Моисейæн Гад æмæ Руви-
мы байзæддæгтæ: «Дæ цагъартæ, нæ хицау
цы зæгъа, уый бакæндзысты. 26Не 'нахъом
сабитæ, нæ бинойнæгтæ, нæ рæгъæуттæ,
не 'ппæт фос баззайдзысты уым, Галаады
сахарты. 27Дæ цагъартæ та, нæ бардар куыд
зæгъы, афтæ гæрзифтонгæй Дунедарæджы
раз хæстмæ ацæудзысты».

28Æмæ сæ бафæдзæхста Моисей сауджын
Елеазар, Нуны фырт Йешуа æмæ израилаг
хæдзарвæндæгты фæтæгтæн. 29Загъта Мо-
сей: «Гад æмæ Рувимы байзæддæгтæ кæд
иуулдæр Дунедарæджы раз гæрзифтонгæй
Иорданы сæрты уемæ ахизой æмæ бæстæ саст
æрцæуа, уæд-иу Галаады зæхх уыдонæн рат-
тут. 30Кæд æмæ гæрзифтонгæй уемæ нæ ацæ-
уой, уæд та уе 'хсæн райсдзысты хай Ханааны».

31Гад æмæ Рувимы байзæддæгтæ загътой:
«Дунедарæг дæ цагъартæн куыддæриддæр
загъта, афтæ бакæндзыстæм. 32Мах гæрзиф-
тонгæй Дунедарæджы раз ацæудзыстæм
Ханааны бæстæм, æмæ нын Иорданæн йæ
ацы фарс хай уæд».

33Æмæ радта Моисей Гад æмæ Рувимы бай-
зæддæгтæн, стæй Йосефы фырт Менассиайы
байзæддæгты æрдæгæн аморæгты паддзах
Сигоны æмæ Башаны паддзах Огы бæстæтæ
сæ сахартæ æмæ алфамбылай зæххытимæ.

34Æмæ сарæзтой Гады байзæддæгтæ Ди-
вон, Атарот æмæ Ароер, 35Атарот-Шофан, Йа-
зер æмæ Йагбеха, 36Бет-Нимра æмæ Бет-Ха-
ран — бырутæй æхгæд сахартæ, фосдарæнтæ.

37Рувимы байзæддæгтæ ногæй сарæзтой
Хешбон, Елале æмæ Кирйатаим, 38Нево æмæ
Баал-Меон (ацы сахартæн сæ нæмттæ аив-
той), стæй Сивма. Ногæй цы сахартæ сарæз-
той, уыдонæн ног нæмттæ радтой.

39Аморæгтæ Галаады цардысты. Бацы-
дысты уырдæм Менассиайы фырт Махиры
фырттæ æмæ йæ сæхи бакодтой, аморæгты
фæтардтой. 40Моисей радта Галаад Махиры,
Менассиайы фырты, байзæддæгтæн, æмæ
уым æрбынат кодтой.

41Менассиайы фырт Иаир цалдæр хъæуы
бацахста æмæ сæ Иаиры хъæутæ схуыдта.

42Новах дæр Кенаты сахар æмæ йæ ал-
фамбылæйттæ йæхи бакодта æмæ йæ Новах,
зæгъгæ, йæхи номæй рахуыдта.

**33** Мæнæ Моисей æмæ Аароны разамын-
дæй Мысырæй чи рацыд, уыцы израилæгты
балцвæндæгтæ сæ хæстон къордтæм гæсгæ.

2Моисей æрфыста, Дунедарæджы ныха-
сæй-иу рæсæнуатæй кæм фенкъуыстысты
æмæ-иу сæ фæндагыл дарддæр цы рæттæй
ацыдысты, уыдон.

3Рамсесæй рараст сты фыццаг мæйы
фынддæсæм бон; Куадзæны нывонд куы
æрхастой, уымæн йæ дыккаг бон рацыдысты
израилæгтæ бæрзонд къухдариуæджы бын
æппæт мысырæгты цæсты раз, 4мысырæгтæ,
Дунедарæг кæй æрцавта, сæ уыцы хистæр
фыртты мæрдтæ куы ныгæдтой, Дунедарæг
сын сæ хуыцаугæндты куы ныффалгæрон
кодта, уæд. 5Рараст сты израилæгтæ Рамсе-
сæй æмæ рæсæнуат скодтой Суккоты.

6Рараст сты Суккотæй æмæ рæсæнуат
скодтой Етамы, æдзæрæг быдыры кæрон.

7Етамæй рараст сты æмæ, Баал-Цефоны
раз чи ис, уыцы Пи-Хахиротмæ баздæхтысты
æмæ Мигдолы раз скодтой рæсæнуат.

8Пи-Хахиротæй рацыдысты æмæ денджы-
зы астæуты æдзæрæг быдырмæ ахызтысты;
æртæ бонцауы фæцыдысты Етамы æдзæрæг
быдыры æмæ рæсæнуат скодтой Марайы.

9Марайæ рараст сты æмæ Елиммæ æрба-
цыдысты, Елимы та уыди дыууадæс суадоны
æмæ дæс æмæ æртиссæдз финик бæласы,
æмæ уым рæсæнуат скодтой.

10Елимæй рараст сты æмæ Сырх денджызы
был рæсæнуат скодтой.

11Сырх денджызæй рараст сты æмæ Сины
æдзæрæг быдыры рæсæнуат скодтой.

12Сины æдзæрæг быдырæй рараст сты
æмæ рæсæнуат скодтой Дофкайы.

13Дофкайæ рараст сты æмæ рæсæнуат
скодтой Алушы.

14Алушæй рараст сты æмæ рæсæнуат скод-
той Рефидимы, æмæ уым адæмæн дон нæ
уыди бануазынмæ.

15Рараст сты Рефидимæй æмæ Синайы
æдзæрæг быдыры рæсæнуат скодтой.

16Синайы æдзæрæг быдырæй рараст сты
æмæ рæсæнуат скодтой Киврот-Хаттавайы.

17Рараст сты Киврот-Хаттавайæ æмæ рæ-
сæнуат скодтой Хацероты.

18Хацеротæй рараст сты æмæ рæсæнуат
скодтой Ритмайы.

19Рараст сты Ритмайæ æмæ рæсæнуат
скодтой Риммон-Перецы.

20Риммон-Перецæй рараст сты æмæ рæ-
сæнуат скодтой Ливнæйы.

21Рараст сты Ливнæйæ æмæ рæсæнуат
скодтой Рисайы.

[22]Рисайæ рараст сты æмæ рæсæнуат скод-
той Кегелатайы.
[23]Рараст сты Кегелатайæ æмæ рæсæнуат
скодтой Шеферы хохы рæбын.
[24]Шеферы хохæй рараст сты æмæ рæсæн-
уат скодтой Харадайы.
[25]Рараст сты Харадайæ æмæ рæсæнуат
æркодтой Макхелоты.
[26]Макхелотæй рараст сты æмæ рæсæнуат
скодтой Тахаты.
[27]Рараст сты Тахатæй æмæ рæсæнуат скод-
той Тарахы.
[28]Тарахæй рараст сты æмæ рæсæнуат скод-
той Миткайы.
[29]Рараст сты Миткайæ æмæ рæсæнуат
скодтой Хашмоны.
[30]Хашмонæй рараст сты æмæ рæсæнуат
скодтой Мосероты.
[31]Рараст сты Мосеротæй æмæ рæсæнуат
скодтой Бен-Йаканы.
[32]Бен-Йаканæй рараст сты æмæ рæсæнуат
скодтой Хор-Агидгады.
[33]Рараст сты Хор-Агидгадæй æмæ рæсæн-
уат скодтой Иотватайы.
[34]Иотватайæ рараст сты æмæ рæсæнуат
скодтой Авронайы.
[35]Рараст сты Авронайæ æмæ рæсæнуат
скодтой Ецион-Геверы.
[36]Ецион-Геверæй рараст сты æмæ рæсæн-
уат скодтой Цины æдзæрæг быдыры, йæ
иннæ ном — Кадеш.
[37]Рараст сты Кадешæй æмæ рæсæнуат
скодтой Оры хохы, Едомы бæстæйы арæн-
мæ æввахс.
[38]Æмæ сауджын Аарон Дунедарæджы ныха-
сæй ссыди Оры хохмæ æмæ уым амарди — из-
раилæгтæ Мысыры бæстæй куы рацыдысты,
уымæн йæ цыппорæм азы фæндзæм мæйы
фыццаг бон. [39]Аарон Оры хохы сæр куы амар-
ди, уæд ыл цыди сæдæ дыууын æртæ азы.
[40]Æмæ фехъуыста Ханааны паддзах Арад,
Ханааны бæстæн йæ хуссары цæрæг, изра-
илæгтæ æрбацæуынц, уый.
[41]Рараст сты уыдон Оры хохæй æмæ рæ-
сæнуат скодтой Цалмонайы.
[42]Цалмонайæ рараст сты æмæ рæсæнуат
скодтой Фуноны.
[43]Рараст сты Фунонæй æмæ рæсæнуат
скодтой Овоты.
[44]Овотæй рараст сты æмæ рæсæнуат скод-
той Ийе-Хаваримы, Моавы арæныл.
[45]Рараст сты Ийимæй æмæ рæсæнуат скод-
той Дивон-Гады.
[46]Дивон-Гадæй рараст сты æмæ рæсæнуат
скодтой Алмон-Дивлатаимы.
[47]Рараст сты Алмон-Дивлатаимæй æмæ
рæсæнуат скодтой Аваримы хæхты, Не-
войы раз.
[48]Аваримы хæхтæй рараст сты æмæ рæ-
сæнуат скодтой Моавы быдырты, Иорданы
цур, Йерихоны бакомкоммæ. [49]Рæсæнуат
скодтой Иорданы цур, Бет-Йешимотæй Авел-
Шиттимы онг, Моавы быдырты.
[50]Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн Мо-
авы быдырты, Иорданы цур, Йерихоны
бакомкоммæ:
[51]«Фæдзур израилæгтæм æмæ сын зæгъ:
Иорданы сæрты Ханааны бæстæм куы ахизат,
[52]уæд ын йæ цæрджыты се ’ппæты дæр фæ-
сурут уырдыгæй, ныффалгæрон сын кæнут
сæ хуыцаугæндты нывтæ æмæ джиппыуагъд
сурæттæ, сæ кувæн къуыбыртæ сын иууыл-
дæр сæмлæгъз кæнут. [53]Байсут уыцы зæхх
æмæ дзы æрбынат кæнут, уымæн æмæ Æз
уыцы бæстæ сымахæн дæттын. [54]Хæлттæм
гæсгæ байуарут бæстæ уæ хæдзарвæндæг-
тыл. Стырдæр мыггæгтæн скæнут стырдæр
хæйттæ, сæ нымæц бирæ кæмæн нæу, уы-
донæн та — къаддæр хæйттæ. Халмæ гæсгæ
кæмæ цы хай æрхауа, уым уыдзæн йæ бынат.
Уæ фыдæлты хæдзарвæндæгты ’хсæн адих
кæнут зæхх.
[55]Ацы бæстæйы цæрджыты куынæ фæ-
сурат уæ цурæй, уæд та, кæй дзы ныууа-
дзат, уыдон уæ цæстытæн какон сындзы-
тау уыдзысты, уæ фæрстæ уын судзинтау
рæхойдзысты, цы бæстæйы æрцардыстут,
уым уæ тыхсын кæндзысты. [56]Æмæ уæд,
уыдонæн цы хъавыдтæн, уый Æз сымахæн
бакæндзынæн».

**34** Дунедарæг Моисейæн загъта: [2]«Израи-
лæгтæн бафæдзæхс: Ханааны бæстæм куы
бацæуат, уæд, уæ хай цы зæхх бауыдзæн,
уымæн уыдзæнис ахæм арæнтæ: [3]уæ бæстæ-
йы хуссайраг хай райдайдзæн Цины æдзæ-
рæг быдыры, Едомы арæнæй. Скæсæны уæ
хуссайраг арæн йæхи айтындздзæни Мард
денджызы былгæронæй, [4]базилдзæни Ма-
але-Акрабиммæ, Цины уылты ацæуздзæн,
Кадеш-Барнеайы хуссаргæрæтты æрзилдзæн,
Хацар-Адурмæ рахиздзæн æмæ Ацмонмæ
бахæццæ уыдзæн. [5]Уырдыгæй азилдзæн
Мысыры лæнкмæ æмæ денджызмæ бахæццæ
уыдзæн, [6]ныгуылæйнаг арæн та уын Стыр
денджыз уыдзæн, уый уыдзæн уæ ныгуы-
лæйнаг арæн.
[7]Уæ цæгатаг арæн: Стыр денджызæй йæ
Оры хохмæ фæнысан кæнут. [8]Оры хохæй
Хаматмæ йæхи айтындздзæн æмæ Цедады

балæудзæн. 9Ахæццæ уыдзæни Зифронмæ
æмæ уырдыгæй аххæсдзæни Хацар-Энанмæ.
Уый уыдзæн уæ цæгатаг арæн.
10Скæсæйнаг арæн: Хацар-Энанæй – Ше-
фаммæ. 11Шефамæй ацæудзæни Аины скæ-
сæнварс Ривламæ, Киннереты денджызы
былмæ бахæццæ уыдзæн. 12Æрхиздзæн арæн
Иорданмæ æмæ йæхи айтындздзæни Мард
денджызы былгæрæтты. Уый уын уæ бæстæ
æнæхъæнæй, йæ арæнтимæ».
13Æмæ бафæдзæхста Моисей израилæгтæн:
«Мæнæ ацы бæстæ сымах хæлттæм гæсгæ
схæйттæ кæндзыстут фараст æмæ æрдæг
хæдзарвæндаджы 'хсæн, Дунедарæг куыд
загъта, афтæ. 14Уымæн æмæ Рувимы бай-
зæддæгтæ, сæ фыдæлты хæдзарвæндæгтæм
гæсгæ, стæй Гады байзæддæгтæ, сæ фыдæл-
ты хæдзарвæндæгтæм гæсгæ, æмæ Менас-
сиайы хæдзарвæндагæн йе 'мбис сæ хай
райстой. 15Дыууæ хæдзарвæндаджы æмæ
хæдзарвæндаджы æрдæг сæ хай райстой
Иорданы иннæ фарс, скæсæны, Йерихоны
бакомкоммæ».
16Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн:
17«Мæнæ, бæстæ уын чи хæйттæ кæндзæн,
уыцы лæгты нæмттæ: сауджын Елеазар
æмæ Йешуа, Нуны фырт. 18Æмæ ма ноджы
фæйнæ иу фæтæджы снысан кæнут алы
хæдзарвæндагæй дæр зæхх адих кæнынмæ.
19Мæнæ уыцы лæгты нæмттæ: Иудæйы хæ-
дзарвæндагæй – Калев, Иефоннейы фырт.
20Симеоны хæдзарвæндагæй – Самуел,
Аммиуды фырт. 21Бениамины хæдзарвæн-
дагæй – Елидад, Кислоны фырт. 22Даны
хæдзарвæндагæй – фæтæг Букки, Иаглийы
фырт. 23Йосефы байзæддæгтæй, Менассиайы
хæдзарвæндагæй, – фæтæг Ханниел, Ефоды
фырт. 24Ефремы хæдзарвæндагæй – фæтæг
Кемуел, Шифтаны фырт. 25Зевулоны хæдзар-
вæндагæй – фæтæг Елицафан, Парнахы
фырт. 26Иссахары хæдзарвæндагæй – фæтæг
Палтиел, Аззаны фырт. 27Асиры хæдзарвæн-
дагæй – фæтæг Ахиуд, Шеломийы фырт.
28Неффалимы хæдзарвæндагæй – фæтæг
Педаел, Аммиуды фырт».
29Уыдон – Дунедарæг Ханааны зæхх из-
раилæгты 'хсæн байуарын кæмæн бафæ-
дзæхста, уыцы адæймæгтæ.

**35** Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн
Моавы быдырты, Иорданы раз, Йерихоны
бакомкоммæ:
2«Зæгъ израилæгтæн, цæмæй сæ исбоны
хæйттæй левиттæн сахартæ раттой цæры-
нæн, æмæ сын уыцы сахарты алфамбылай
быдыртæ дæр раттут. 3Сахартæ сын цæры-
нæн уыдзысты, быдыртæ та – сæ фосæн
æмæ сæ царды алы хабæрттæн. 4Левиттæн
сахарты алыварс цы быдыртæ дæттут, уы-
дон сахары сисы æдде алырдæм дæр хъуамæ
уой мингай æлмæринтæ. 5Рабарут фæсса-
хар дыууæ мин æлмæрины скæсæнæрдæм,
хуссарæрдæм дæр – дыууæ æлмæрины,
ныгуылæнæрдæм дæр – дыууæ æлмæри-
ны, цæгатæрдæм дæр – дыууæ æлмæрины,
сахар та – астæуæй. Уыдон уыдзысты хизæн
быдыртæ сæ сахарты алыварс.
6Левиттæн кæй раттат, уыцы сахартæй æх-
сæз æмбæхсæндонæн рахицæн кæндзыстут,
цæмæй-иу лæгмар уырдæм алидза; уыдоны
æдде ма сын раттут ноджы дыууæ æмæ дыу-
уиссæдз сахары. 7Левиттæн æд быдыртæ кæй
ратдзыстут, уыцы сахартæ æдæппæтæй –
аст æмæ дыууиссæдз. 8Израилæгты исбонæй
куы дæттат левиттæн сахартæ, уæд, фылдæр
кæмæ ис, уымæй фылдæр исут, къаддæр кæ-
мæ ис, уымæй – къаддæр. Алчи йæ хаймæ
гæсгæ хъуамæ ратта йæ сахартæй левиттæн».
9Æмæ Дунедарæг загъта Моисейæн:
10«Фæдзур израилæгтæм æмæ сын зæгъ:
Иорданыл куы ахизат Ханааны бæстæм,
11уæд уæхицæн æмбæхсæн сахартæ снысан
кæнут, æмæ-иу æнæбары чи фæтуджджын
ис, уый йæ сæр уым бафснайдзæн. 12Æмæ
уын уыдзысты уыцы сахартæ, йæ туг чи
агуры, уымæй хи æмбæхсынæн, цæмæй
туджджын ма фæмард уа дзыллæйы тæр-
хоны размæ. 13Цы сахартæ раттат, уыдо-
нæй æхсæз хъуамæ уой æмбæхсæндæттæ.
14Æртæ сахары раттут Иорданæн йæ ацы
фарс, æртæ сахары та – Ханааны зæххыл:
æмбæхсæндонæн уын уыдзысты уыцы са-
хартæ. 15Израилæгтæн дæр æмæ се 'хсæн
цæрæг æрцæуæггæгтæн дæр уыцы æхсæз
сахары æмбæхсæндон уыдзысты, цæмæй
уырдæм алидзын йæ бон уа, æнæбары искæй
чи амардта, уыдонæй алкæмæн дæр.
16Исчи æфсæйнагæй искæй ныццавта,
зæгъгæ, æмæ йæ амардта, уæд ныццæвæг у
марæг; марæгæн æнæ амаргæ нæй. 17Амарæн
кæмæй ис, ахæм дурæй искæй чи ныццæва
æмæ амара, уый марæг у; марæгæн æнæ
амаргæ нæй. 18Амарæн кæмæй ис, ахæм
хъæдын дзаумайæ искæй чи ныццæва æмæ
амара, уый марæг у; марæгæн æнæ амаргæ
нæй. 19Кæмфæнды йыл куы бамбæла, уæд-
дæр тугисæгæн йæ бон у марæджы амарын.
20Фыддæрагæн искæй чи асхойа кæнæ
йыл барæй исты чи фæкæна æмæ амара;
21йæ фыдзæрдæйæ искæй чи ныццæва æмæ

амара, уымæн æнæ амаргæ нæй — марæг у;
тугисæгæн йæ бон у, кæм ыл бамбæла, ма-
рæджы уым амарын.
22 Фæлæ æнæбары, æвзæр зæрдæ йæм нæ
дардта, афтæмæй искæй чи асхойа, æнæбары
йыл исты дзаума куы фехса 23 кæнæ, ама-
рæн кæмæй ис, ахæм дур ыл æнæбары куы
æрæппара æмæ амара, йе знаг нæ уыд æмæ
йæ уымæн фыд ракæнын нæ фæндыд, афтæ-
мæй, 24 уæд дзыллæ мæнæ ацы æгъдæуттæм
гæсгæ хъуамæ равзарой марæг æмæ тугисæ-
джы хъуыддаг. 25 Дзыллæ хъуамæ марæджы
фервæзын кæной тугисæджы къухæй æмæ
йæ, кæдæм алыгъди, йæ уыцы æмбæхсæн
сахарыл фæстæмæ сæмбæлын кæной.

Цæрæд уым уаз сойæ сæрст хистæр сау-
джыны амæлæтмæ. 26 Марæг, кæдæм алыгъ-
ди, йæ уыцы æмбæхсæн сахарæй куы рацæуа
27 æмæ йыл сахары æдде йæ туджджын куы
бамбæла æмæ йæ куы амара, уæд йæ туг-
ныккалды аххосджын нæ уыдзæн.

28 Уымæн æмæ хистæр сауджыны амæлæт-
мæ уый хъуамæ йе 'мбæхсæн сахары лæу-
уыдаид, стыр сауджыны амæлæты фæстæ
та йæ уæзæгмæ æрбаздæхтаид.

29 Уый уын, кæмдæриддæр цæрат, æгъ-
дауæн ныффидар уыдзæн фæлтæрæй
фæлтæрмæ.

30 Лæг чидæриддæр амара — æвдисæнты
ныхасмæ гæсгæ маргæ у ахæм марæг, фæ-
лæ иунæг æвдисæны ныхасæй адæймагæн
мæлæты тæрхон рахæссæн нæй.

31 Марæджы балхæныны ныхмæ ахæстаргъ
ма исут. Уый æнæмæнг амарын хъæуы. 32 Æм-
бæхсæн сахары чи бамбæхсти, уый ныхмæ
дæр ахæстаргъ ма исут, цæмæй хистæр сау-
джыны амæлæтæй раздæр йæ уæзæгмæ ма
æрбаздæха. 33 Цы зæххыл æрбынат кодтат,
уый ма фæчъизи кæнут, уымæн æмæ зæхх
тугæй фæчъизи вæййы, æмæ йын, искæй
туг чи ныккалдта, æрмæстдæр уымæн йæхи
тугæй ис ссыгъдæг кæнæн. 34 Нæй фæчъизи
кæнæн, кæм цæрут æмæ Æз кæм æрбынат
кодтон, уыцы бæстæн, уымæн æмæ Æз, Ду-
недарæг, израилæгты 'хсæн цæрын».

**36** Йосефы байзæддæгтæ, Галаады,
Менассиайы фырт Махиры фырты, хæ-
дзарвæндæгты хистæртæ æрбацыдысты.
Моисей æмæ фæтæгтæн, израилаг хæдзар-
вæндæгты хистæртæн 2 загътой: «Дунедарæг
бафæдзæхста нæ хицауæн, цæмæй хæлттæм
гæсгæ байуара зæхх израилæгтæн; нæ хи-
цауæн Дунедарæгæй фæдзæхст у уый дæр,
цæмæй не 'фсымæр Цалфахады хай уымæн
йæ чызджытæн ратта. 3 Фæлæ уыдон æндæр
израилаг хæдзарвæндагмæ куы смой кæ-
ной, уæд сæ хай нæ фыдæлты хæдзарвæн-
даджы нал уыдзæн; цы хæдзарвæндагмæ
смой кæной, уыцы хæдзарвæндаджы хайыл
бафтдзæн, мах фыдæлты хæдзарвæндаджы
хай та фæкъахыр уыдзæн. 4 Израилæгты
æрдæгсæдæйон аз куы ралæууа, уæд дæр
уыдоны хай, цы хæдзарвæндагмæ смой код-
той, уымæн баззайдзæн, мах фыдæлты хæ-
дзарвæндаджы хай та фæкъахыр уыдзæн».
5 Æмæ загъта Моисей израилæгтæн Ду-
недарæджы амындæй: «Рæстытæ дзурынц
Йосефы байзæддæгтæ. 6 Дунедарæг Цал-
фахады чызджыты тыххæй афтæ бафæ-
дзæхста, зæгъгæ, кæй зæрдæмæ фæцæуой,
уыдонмæ сæ бон у смой кæнын, фæлæ сын
моймæ цæуæн ис æрмæст сæхи фыды хæ-
дзарвæндагмæ. 7 Цæмæй хай иу израилаг
хæдзарвæндагæй иннæмæ ма цæуа, уымæн
æмæ алы израилаг дæр хъуамæ йæ фыдæл-
ты хæдзарвæндаджы хайыл фидар хæца.
8 Хай кæмæн баззади, уыцы быны чызг та
мой хъуамæ скæна йæхи фыды хæдзар-
вæндагмæ, цæмæй израилæгтæй алкæмæн
дæр йæ фыдæлты хай йæхицæн баззайа,
9 цæмæй хай иу хæдзарвæндагæй иннæмæ
ма цæуа, уымæн æмæ алы израилаг дæр
хъуамæ йæ фыдæлты хæдзарвæндаджы
хайыл баст уа».
10 Дунедарæг Моисейæн куыд загъта, афтæ
бакодтой Цалфахады чызджытæ. 11 Махла,
Тирца, Хогла, Милка æмæ Ноа смой кодтой
сæ фыды 'фсымæрты лæппутæм. 12 Йосе-
фы фырт Менассиайы хæдзарвæндаджы
чындзытæ баисты, æмæ сæ хай сæхи фыды
хæдзарвæндагæн баззади. 13 Ахæм фæтк
æмæ æгъдæуттæ ныффæдзæхста Дунедарæг
израилæгтæн, æмæ сын сæ Моисей фехъу-
сын кодта Моавы быдырты, Иорданы цур,
Йерихоны бакомкоммæ.

**36:4** Æрдæгсæдæйон азы (дæс æмæ дыууиссæдз азы дæр-
гъы иу хатт) уæйгонд зæхх йæ раздæры хицауæн фæстæмæ
лæвæрд æрцæуы (Лев 25:23–28). Уый фæрцы алы израилагæн
дæр йæ фыдæлты зæххы хаймæ фæстæмæ раздæхыны фадат
ис (Лев 25:10, 13, 28).

# Моисейы фæндзæм чиныг

# ФÆЛХАТГОНД ÆГЪДАУ

Фондзчиныгоны фæстаг чиныг — «Фæлхатгонд æгъдау». Йæ сæйраг мидис — Хуыцауы Æгъдау израилæгтæм чи фæхæццæ кодта, уыцы Моисейы фæстаг ныстуантæ. Ханаанмæ бабырсыны размæ уый Моавы зæххыл израилæгтæн сæ зæрдыл æрлæууын кодта, Ханааны сын цы Æгъдаумæ гæсгæ цæргæ уыдзæн, уый. Уымæн æмæ Синайы хохыл арæзт фыццаг фидыдæй уæды онг рацыди дыууиссæдз азмæ ’ввахс.

Чиныг арæзт у Моисейы æртæ стыр раныхас (1–4 сæртæ; 5–29 сæртæ; 30–31 сæртæ) æмæ кæронбæттæн хайæ. Чиныджы сæргонд йæхæдæг йæхи тыххæй дзуры: ам фæлхатгонд цæуынц раззаг æртæ чиныджы æгъдæуттæ, фæлæ ма сæм бафтыдысты ног уынаффæтæ дæр, уæлдайдæр, израилæгты Ханааны зæххыл чи бахъæудзæн, ахæмтæ.

Ацы чиныджы уæлдай зæрдæмæхъаргæ сты, Æгъдау æххæст кæныны æмæ йæ сæрты ахизыны фæстиуджытæ цы арфæтæ æмæ æлгъыстытæ расайдзысты, уыдон кæм нымад цæуынц, уыцы бынæттæ (27–30 сæртæ). Сæ фæрцы мах бамбарæм Израилы историйы мидис. Хуыцауы пехуымпартæ æмæ уацамонджытæ (уæлдайдæр Йеремиа), израилаг адæмы иу кæнæ иннæ бæллæхы аххосагыл дзургæйæ, сæ ныхасы мидæг хуымæтæджы дæнцæгæн нæ хастой уыцы арфæтæ æмæ æлгъыстытæ.

«Фæлхатгонд æгъдау»-ы чиныг, чи зоны, ссардæуыди нæ дуджы размæ VII æнусы, Хуыцауы Кувæндон куы сæндидзын кодтой, уыцы заман, æмæ паддзах Иосиа, раджы чи ферох ис, Хуыцауы уыцы фæткæвæрдтæ, стæй Йын Йæ Ныхас чи ницæмæ дары, уыцы адæймæгты ныхмæ æлгъыстытæ фехъусгæйæ, Дунедарæджы раз фыр тæссæй барызти. Æмæ уæд израилаг æхсæнады, Моисейы заманæй уæды онг чи нæ уыди, ахæм динон æмæ монон змæлд райдыдта.

Ацы чиныг æргом кæны монотеизмы (иу Хуыцауыл æууæндын æмæ Йæм кувын) мидис æмæ дзуттаг Æгъдауы нысаниуæг — Дунедарæгмæ кувын æмæ Йæ зæрдиагæй уарзын.

---

**1** Мæнæ, Моисей æппæт израилæгтæн
Иорданы фале, Аравæйы æдзæрæг быды-
ры, Суфмæ æввахс, Паран, Тофел, Лаван,
Хацерот æмæ Ди-Захавы астæу цы загъта,
уый. 2Хоревæй Сеиры хæхтæм фæндагыл
Кадеш-Барнеайы ’рдæм иуæндæс бонцауы
æддæдæр, 3дыууиссæдзæм азы иуæндæ-
сæм мæйы фыццаг бон Моисей фехъусын
кодта израилæгтæн, Дунедарæг ын цы ба-
фæдзæхста, уыдæттæ. 4Уый уыди, Хешбоны
хицауиуæг чи кодта, аморæгты уыцы пад-
дзах Сигон æмæ, Аштарот æмæ Едреи кæй
къухы уыдысты, Башаны уыцы паддзах Ог
саст куы æрцыдысты, уый фæстæ.
5Иорданы фале, Моавы зæххыл, Моисей
бавнæлдта Æгъдауыл бæстон æрдзурынмæ.
Уый загъта:
6«Дунедарæг, нæ Хуыцау, загъта махæн
Хоревы: „Æгъгъæд уын у ацы хохы рæбын
цæрын. 7Уæ фæндаг дарут, цæут, аморæгтæ
кæм цæрынц, уыцы хæхтæм æмæ сæ сы-
хæгты зæххытæм, быдырмæ æмæ хæхтæм:
Шефеламæ, Негевмæ, донгæрæттæм, ха-
наанæгты бæстæм, Ливанмæ — суанг стыр
доны, Евфраты, онг. 8Уыцы зæхх иууылдæр
Æз сымахæн дæттын. Цæут æмæ уæхи бакæ-
нут, Дунедарæг уæ фыдæлтæ Авраам, Исаак,
Йаков æмæ уыдоны байзæддæгтæн зæрдæ
цы бæстæй бавæрдта, уый“.
9Уыцы заман уын æз загътон: „Иунæгæй
мæ бон нæу сымахæн фæтк æвæрын. 10Ду-
недарæг, нæ Хуыцау, сымах арвы стъалытау
æнæнымæц скодта. 11Æмæ Дунедарæг, уæ
фыдæлты Хуыцау, мин хатты фæфылдæр
кæнæд сымах æмæ уын раарфæ кæнæд,
зæрдæ уын куыд бавæрдта, афтæ. 12Фæлæ
иунæгæй куыд хæссон уыцы уаргъ æмæ уын
уæ хъæстытæ куыд æвзарон? 13Равзарут алы
мыггагæй дæр зонджын, æмбаргæ æмæ
фæлтæрдджын лæгтæ, цæмæй уын сæ æз
уæ сæргъы сæвæрон“.
14Сымах мын дзуапп радтат: „Рæстытæ
дзурыс“. 15Æз басидтæн мыггæгты хистæр-
тæм, зонджын æмæ фæлтæрдджын лæгтæм,

æмæ уын сæ хицæуттæй сæвæрдтон: кæй —
мин лæгæн, кæй — фондзыссæдзæн, кæй —
дæс æмæ дыууиссæдзæн, кæй — дæсæн, кæй
та цæстдарæг скодтон.
16 Æмæ загътон уæд æз уæ тæрхонгæнджы-
тæн: „Лæмбынæг æвзарут уе 'фсымæрты
'хсæн быцæутæ æмæ раст тæрхон кæнут,
израилæгтæ сæхимидæг куы фæбыцæу уой,
уæд дæр, израилаг æмæ æрцæуæггаг куы
быцæу кæной, уæд дæр. 17 Тæрхон кæнгæйæ,
хъулон макæй кæнут: стырмæ дæр æмæ чы-
сылмæ дæр хъусут, макæмæй тæрсут — тæр-
хон Хуыцауæй лæвæрд у. Зынæвзарæн уын
цы хъуыддаг уа, уый та-иу мæнмæ фæхæццæ
кæнут, æмæ йæм æз æркæсдзынæн“. 18 Уыцы
рæстæджы уын æз, кæнын уын цы æмбæлы,
æппæт уыдæттæ бацамыдтон.
19 Фенкъуыстыстæм Хоревæй æмæ æдзæ-
рæг быдырыл ахызтыстæм. Уæхи цæстытæй
федтат, куыд æгæрон æмæ тæссаг уыди, уый.
Дунедарæг, нæ Хуыцау, куыд загъта, афтæ,
аморæгтæ кæм цæрынц, уыцы хæхтæм нæ
ных сарæзтам æмæ Кадеш-Барнеамæ бахæц-
цæ стæм. 20 Æмæ уын загътон æз: „Сымах
æрбацыдыстут, аморæгтæ кæм цæрынц,
Дунедарæг, нæ Хуыцау, махæн кæй дæтты,
уыцы хæхтæм. 21 Кæсут, Дунедарæг, уæ Хуы-
цау, сымахæн дæтты ацы бæстæ. Цæут æмæ
йæ уæхи бакæнут, Дунедарæг, уæ фыдæлты
Хуыцау сымахæн куыд загъта, афтæ. Ма
тæрсут, ма фæтасут!“ 22 Фæлæ мæм сымах
æрбацыдыстут æмæ загътат: „Нæ разæй
сгарджытæ арвитæм, цæмæй уыдон бæстæм
æркæсой æмæ нын радзурой, цы фæндæг-
тыл нын цæугæ у æмæ цы сахартæм бацæу-
дзыстæм, уыдоны тыххæй“. 23 Уыцы фæнд
мæ зæрдæмæ фæцыд, æмæ æз уе 'хсæнæй
дыууадæс лæджы равзæрстон, алы мыгга-
гæй дæр фæйнæ иуы. 24 Уыдон араст кодтой,
хæхтæм ссыдысты æмæ Ешколы дæлвæзмæ
бахæццæ сты. Æркастысты йæм. 25 Зæххы
тыллæгæй сæ къухты райстой, æрбахастой
нын дзы æмæ загътой: „Æвæджиауы бæстæ
аккаг кæны махæн Дунедарæг, нæ Хуыцау!“
26 Фæлæ сымах уæ бынатæй фенкъуысын
нæ бафæндыд, сымах Дунедарæджы, уæ
Хуыцауы, фæндоны ныхмæ рацыдыстут.
27 Уæ цатырты бустæ кодтат æмæ дзырд-
тат: „Æнæуынон стæм Дунедарæгæн, æмæ
нæ уымæн ракодта Мысырæй, цæмæй нæ
аморæгты къухтæм ратта æмæ бабын уæм.
28 Кæдæм цæуæм мах? Не 'фсымæрты ны-
хæстæй ныл тас бафтыди: уыцы адæм ма-
хæй бæрзонддæр æмæ бæзæрхыгдæр сты,
сæ сахартæ та — арвмæ чи фæцыд, ахæм
фидæрттæ; уæдæ дзы Анакы байзæддæг-
ты дæр федтой“. 29 Æз уын загътон: „Ма сæ
тæрсут, тасы уæ ма 'фтауæнт! 30 Дунедарæг,
уæ Хуыцау, цæуы уæ разæй æмæ хæцдзæн
уæ фарс, Мысыры, уæ тæккæ цæсты раз, ку-
ыд хæцыд, афтæ. 31 Æмæ æдзæрæг быдыры,
уæхæдæг æй уыдтат, адæймаг йæ хъæбулы
куыд хæсса, афтæ Дунедарæг, уæ Хуыцау,
фæхаста сымах, цалынмæ ардæм не 'рба-
хæццæ стут, уæдмæ. 32 Фæлæ уæддæр сымах
не 'ууæндут Дунедарæгыл, уæ Хуыцауыл.
33 Афтæмæй Уый та уæ разæй цыди, сыма-
хæн рæсæнуæттæ агургæйæ: æхсæв — арты
хуызы, раст фæндаг уын куыд амона, бон
та — æврагъы“. 34 Æмæ фехъуыста Дунеда-
рæг уæ ныхæстæ, Йæ маст уæм рафыхти,
æмæ басомы кодта: 35 „Ацы адæмæй, ацы
фыдзæрдæ фæлтæрæй, Æз сæ фыдæлтæн
цы æвæджиауы бæстæй зæрдæ бавæрдтон,
уый йæ цæстæй дæр ничи фендзæн. 36 Ничи,
Иефоннейы фырт Калевы йеддæмæ, — уый
йæ фендзæн. Калев æмæ йæ байзæддæгтæн
Æз ратдзынæн, йæ къах кæм æрæвæрдта,
уыцы зæхх, йæ зæрдæ Дунедарæгыл кæй нæ
сивта, уый тыххæй“. 37 Мæнмæ дæр фæхъы-
зыди Дунедарæг сымах тыххæй. Загъта мын:
„Ды дæр нæ бацæудзынæ уыцы бæстæм!
38 Дæ разы дæ цагъар Йешуа, Нуны фырт,
бацæудзæн! Йе 'нцой фæлæуу — уыцы зæхх
израилæгты къухы уый руаджы бафтдзæн.
39 Уæ цот, афтæ кæмæй дзырдтат, фыдгулы
амæттаг фæуыдзысты, зæгъгæ, уæ фырттæ,
хорз æмæ æвзæр æмбарынхъом чи нæма у,
уыдон та бацæудзысты уыцы бæстæм. Æз
сын æй ратдзынæн, æмæ йæ сæхи бакæн-
дзысты. 40 Сымах та фæстæмæ аздæхут æмæ
Сырх денджызмæ фæндагыл цæугæут æдзæ-
рæг быдырмæ“. 41 Æмæ мын уæд уæ дзуапп
уыди: „Дунедарæджы раз фæтæригъæд-
джын стæм. Фæлæ ныр мах ацæудзыстæм
æмæ схæцдзыстæм, Дунедарæг, нæ Хуыцау,
махæн куыд загъта, афтæ“. Уыйадыл уæ ал-
чи йæ хæцæнгæрзтæ райста æмæ — цыма
æнцон хъуыддаг у — хæхтæм фæраст стут.
42 Фæлæ мын Дунедарæг загъта, цæмæй уын
фехъусын кæнон: „Ма ацæут. Æз уемæ нæ
уыдзынæн, æмæ хæцыныл ма ныллæуут — уе
знæгтæ уæ ныппырх кæндзысты“. 43 Æз уын
дзырдтон, фæлæ нæ байхъуыстат. Дунеда-
рæджы фæндоны сæрты ахызтыстут æмæ
хæхтæм фæраст стут. 44 Уыцы хæхты цæрæг
аморæгтæ уæ размæ ралæууыдысты. Мыды-
бындзытау уæ сæ уæлныхты айстой Сеиры
æмæ уæ суанг Хормайы онг фæсырдтой.
45 Фæстæмæ куы æрбаздæхтыстут, уæд ма

Дунедарæджы раз бæргæ дзынæзтат, фæлæ
уæм не ’рыхъуыста Дунедарæг.
46Кадешы дзæвгар рæстæг бафæстиат стут.

**2** Фæзылдыстæм уырдыгæй фæстæмæ æмæ
Дунедарæджы ныхасмæ гæсгæ æдзæрæг бы-
дырмæ, Сырх денджызмæ фæндагыл араст
кодтам. Бирæ бонты фæцыдыстæм Сеиры
хæхты алфамбылай.
2Æмæ мын Дунедарæг загъта: 3„Æгъгъæд
уын у ацы хæхты алыварс цæуын. Цæгатæр-
дæм саразут уе ’ргом. 4Адæмæн бамбарын
кæн: Сеиры чи цæры, уæ уыцы æфсымæрты,
Исавы байзæддаджы арæнтыл уын цæугæ
у. Уыдон уæ тæрсгæ кæнынц, фæлæ уæхи
хизут 5семæ схæцынæй, уымæн æмæ уын
сæ зæххæй уылынджы йас дæр нæ ратдзы-
нæн — Сеиры хæхбæстæ Æз схай кодтон Иса-
вæн. 6Цы хойраг хæрат æмæ цы дон нуазат,
уый аргъ сын æвзистæй фидут. 7Дунедарæг,
уæ Хуыцау, арфæ ракодта сымахæн уæ алы
хъуыддаджы дæр. Уый уын уæ фæндаджы
хабæрттæ хорз зоны ацы æгæрон æдзæрæг
быдыры. Ныр дыууиссæдз азы дæргъы Ду-
недарæг, уæ Хуыцау, уемæ ис, æмæ сымах
хъуаг ницæмæй æййафут“.
8Нæхи иуварс айстам не ’фсымæртæй,
Исавы байзæддæгтæй, Сеиры цæрджытæй,
Аравæмæ фæндагæй, Елат æмæ Ецион-Геве-
рæй, æмæ нæ ных Моавы æдзæрæг быдырмæ
сарæзтам.
9Дунедарæг мын загъта: „Моавæгтæм ма
бабырсут, ма схæцут семæ, уымæн æмæ уын
сæ зæххæй ницы схай кæндзынæн — Ар Æз
Лоты байзæддæгтæн радтон“. 10Раздæр уым
емимæгтæ цардысты — Анакы фæдонтау
æнæнымæц æмæ асæй бæрзонд адæм. 11Уы-
дон дæр Анакы байзæддæгтау рефаимтыл
нымад сты, моавæгтæ та сæ емимæгтæ хо-
нынц. 12Сеиры раздæр цардысты хорæгтæ,
фæлæ сæ Исавы байзæддæгтæ уырдыгæй
фæсырдтой, ныццагътой сæ æмæ сæ бынаты
æрцардысты: израилæгтæ, Дунедарæгæй
сын цы зæхх лæвæрд уыди, уым куыд ба-
кодтой, раст афтæ.
13„Ныр бавдæлут, — загъта Дунедарæг, —
æмæ Зереды сæрты ахизут“. Æмæ ахызтыс-
тæм Зереды сæрты.
14Æстдæс æмæ ссæдз азы аивгъуыдта, Ка-
деш-Барнеайæ куы рацыдыстæм æмæ Зереды
сæрты куы ахызтыстæм, уæдæй нырмæ. Уæд-
мæ, Дунедарæг цы хæстхъомтæм бартхъирæн
кодта, уыдонæй иу дæр удæгас нал уыд. 15Ду-
недарæг сæ Йæ фыдæхы хай бакодта, цагъта
сæ, цалынмæ бынтон скуынæг сты, уæдмæ.
16Хæстхъомтæ цагъды куы фесты æмæ
адæмы астæу сæ кой дæр куынæуал уыди,
17уæд мын Дунедарæг загъта: 18„Ныртæккæ
сымах моавæгты арæныл, Арыл, фæцæут.
19Аммонæгтæм баввахс стут; семæ быцæуыл
ма ныллæуут æмæ хæст ма ракъахут — уы-
доны зæххæй Æз сымахæн ницы ратдзынæн,
уымæн æмæ йæ Лоты байзæддæгтæн схай
кодтон“. 20Уыцы зæхх дæр рефаимты зæххыл
нымад у — раздæр дзы рефаимтæ цардысты,
аммонæгтæ сæ замзумæгтæ хонынц. 21Анакы
байзæддæгтау æнæнымæц сты уыцы адæм,
асæй — бæрзонд; Дунедарæг сæ ныццагъта —
аммонæгтæ сæ фæсырдтой æмæ сæ бынаты
æрцардысты. 22Дунедарæг Исавы байзæд-
дæгтæн дæр афтæ бакодта, сæ цæстыты раз
сын Сеиры цæрджыты, хорæгты, куы скуы-
нæг кодта, уæд. Израилæгтæ сæ фæсырдтой
æмæ абоны онг сæ бынаты цæрынц. 23Газæ-
йы алфамбылай цæрæг аввайæгты та, Каф-
торæй чи æрбацыд, уыцы адæм ныццагътой
æмæ сæ бынаты æрцардысты. 24Дунедарæг
загъта: „Цæут æмæ Арноны сæрты ахизут.
Мæнæ уын Æз уæ къухмæ дæттын Хешбоны
паддзах Сигоны, амораджы, стæй йæ бæс-
тæ дæр. Фыццаг уал уый басæттут, схæцут
йемæ. 25Тæккæ абонæй фæстæмæ, арвы бын
цыдæриддæр адæмтæ ис, уыдоныл Æз тас
æфтаудзынæн, æмæ уын æрмæст уæ койæ
дæр æмризæджы риздзысты“.
26Кедемоты æдзæрæг быдырæй арвыстон
минæвæрттæ Сигонмæ, Хешбоны паддзах-
мæ, цæмæй йæм бахатой: 27„Ауадз мæ дæ
зæххыл ацæуын, над фæндагыл ацæудзы-
нæн, рахизæрдæм дæр æмæ галиуæрдæм
дæр нæ фæзилдзынæн. 28Цы хойраг хæрæм
æмæ цы дон нуазæм, уый нын æвзистыл уæй
кæндзынæ; дæ зæххыл дын цæугæ цы акæ-
нæм, æндæр дæ ницы бахъыгдардзыстæм.
29Исавы байзæддæгтæ, Сеиры цæрджытæ,
æмæ Ары цæрæг моавæгтæ дæр нын ахæм
бар радтой, цæмæй Иорданыл, Дунедарæг
нын цы бæстæ дæтты, уырдæм ахизæм“.
30Фæлæ нæ Сигон, Хешбоны паддзах, йæ
зæххыл ацæуын нæ бауагъта. Сызнæт æй
кодта Дунедарæг, уæ Хуыцау, йæ зæрдæ йын
ныддур кодта, цæмæй уын æй уæ къухмæ
ратта, æцæгдæр куыд рауадис, афтæ.
31Дунедарæг мын загъта: „Кæсыс, Сиго-
ны уал дын дæттын æд бæстæ. Йæ зæхх ын
дæхи бакæн“. 32Сигон йе ’ппæт адæмимæ
нæ ныхмæ ралæууыд Йахацы. 33Нæ къухмæ
йæ радта Дунедарæг, нæ Хуыцау, æмæ йын
йæхи дæр æмæ йæ фыртты дæр амардтам,
йæ адæмы йын се ’ппæты дæр ныццагътам.

[34]Йæ сахартæ йын иууылдæр басастам, æл-
гъыстаг сæ фæкодтам æмæ дзы цæрæг нал
ныууагътам; нæлгоймагæй, сылгоймагæй,
сывæллонæй — иууылдæр сæ ныццагътам.
[35]Цы сахартæ басастам, уыдонæн æрмæст-
дæр сæ фос æмæ æндæр æфтиаг æрбатæлæт
кодтам нæхицæн. [36]Арноны был чи ис, уыцы
Ароер æмæ, Арноны дæлвæзы цы сахар ис,
уырдыгæй суанг Галаады онг иунæг сахар
дæр нæ ныхмæ лæууын нæ бафæрæзта — се
'ппæты дæр нын нæ амæттаг бакодта Дуне-
дарæг, нæ Хуыцау. [37]Æрмæст аммонæгты
зæхмæ хæстæг нæ бацыдыстут сымах — нæ-
дæр, Йавочы был цы сахартæ ис, уыдонмæ,
нæдæр хæхбæсты сахартæм, Дунедарæг, нæ
Хуыцау нын куыд загъта, афтæ.

**3** Фездæхтыстæм æмæ Башанмæ фæндагыл
ацыдыстæм; Ог, Башаны паддзах, йе 'ппæт
æфсадимæ нæ ныхмæ хæстмæ ралæууыд
Едреийы. [2]Æмæ мын загъта Дунедарæг: „Ма
дзы тæрс. Æз дын æй йе 'ппæт æфсад æмæ
йæ бæстæимæ дæ къухмæ ратдзынæн, æмæ
Сигонæн, аморæгты паддзахæн, Хешбоны
хицауиуæг чи кодта, уымæн куыд бакодтай,
амæн дæр афтæ бакæндзынæ“. [3]Уыйадыл
нын Дунедарæг, нæ Хуыцау, Башаны пад-
дзах Огы йе 'ппæт æфсадимæ нæ къухмæ
радта, æмæ сæ ныццагътам, удæгасæй дзы
никæйуал ныууагътам. [4]Уыцы заман ын
йæ сахартæ дæр иууылдæр басастам; мах
кæй нæ бацахстам, иу ахæм дæр дзы нал
баззад — æртиссæдз сахары, Арговы ал-
фамбылæйттæ иууылдæр, Огы паддзахад
Башаны. [5]Иууылдæр уыдысты, сæ алыварс
бæрзонд систæ кæмæн уыд, ахæм æхгæд
сахартæ, кулдуæрттæ æмæ æвдузæнтимæ.
Уыдонæй уæлдай ма басастам, бырутæй
æхгæд чи нæ уыд, бирæ ахæм сахартæ дæр.
[6]Æлгъыстаг сæ фæкодтам, Хешбоны паддзах
Сигонæн куыд бакодтам, афтæ; сахартæн сæ
цæрджыты ныццагътам — нæлгоймагæй,
сылгоймагæй, сывæллонæй. [7]Фос æмæ дзы
мулкæй цыдæриддæр уыди, уыдон та райс-
там æфтиагæн.

[8]Уыцы заман Иорданы фаллаг фарс дыууæ
амораг паддзахæй мах байстам ацы зæхх:
Арноны донæй Ермоны хохы онг: [9](Ермон си-
дойнæгтæ хонынц Сирион, аморæгтæ — Се-
нир), [10]уæлвæзы сахартæ иууылдæр, Галаад
æмæ Башан æнæхъæнæй — суанг Салха æмæ
Едреийы онг (паддзах Огы сахартæ Башаны).
[11]Рефаимтæй ма фæстагмæ æрмæстдæр Ог,
Башаны паддзах, баззади. Йæ хуыссæнуат
уыдис æфсæйнагæй конд, йæ дæргъ — фа-
раст æлмæрины, йæ уæрх — цыппар æлмæ-
рины. Уый ныр дæр ис аммонæгты зæххыл,
Раввайы. [12]Уæды заман цы зæхх байстам,
уый Арноны был Ароерæй райдайы; Галаады
хæхбæсты æмбис æд сахартæ æз Рувим æмæ
Гады байзæддæгтæн радтон. [13]Галаадæй ма
цы баззади, йемæ — Башан æнæхъæнæй,
паддзах Огы зæхх, уый та Менассиайы бай-
зæддæгты æмбисæн радтон. (Аргов æмæ йæ
алфамбылæйттæ иууылдæр, Башанимæ иу-
мæ, раздæр хуыдтой рефаимты зæхх.) [14]Иа-
ир, Менассиайы фырт, йæхи бакодта Аргов
æмæ йæ алфамбылæйттæ иууылдæр, суанг
гешурæгтæ æмæ маахайæгты арæнтæм, йæ-
хи номæй сæ рахуыдта æмæ ма абоны онг
дæр Башан хонынц Хаввот-Иаир. [15]Махирæн
æз радтон Галаад. [16]Рувим æмæ Гады бай-
зæддæгтæн схай кодтон зæххытæ Галаадæй
Арноны дон (Арнонbackыл цæуы сæ арæн) æмæ
Йавочы доны онг (уыцы доны фале та ам-
монæгты зæхх ис). [17]Ноджы ма сын радтон
Аравæ Иорданы онг, Киннеретæй Аравæйы
(Мард) денджызы онг æмæ скæсæнæрды-
гæй — суанг Фасгайы фæхстæм. [18]Загътон
уын æз уæд: „Дунедарæг, уæ Хуыцау, радта
сымахæн ацы зæхх, цæмæй йæ уæхи бакæнат.
Уæдæ, хæстхъомтæ, араст ут уе 'фсымæрты,
израилæгты, разæй, гæрзифтонгæй. [19]Æр-
мæст уæ устытæ, уæ сабитæ æмæ уæ фос
та (æз зонын, куыд бирæ фос уæм ис, уый),
цы сахартæ уын радтон, уыдоны баззайæнт,
[20]цалынмæ Дунедарæг уе 'фсымæртæн дæр
сымахау ратта æнцой æмæ сын Дунедарæг,
уæ Хуыцау, Иорданы фале цы зæхх дæтты,
уый сæхи бакæной, уæдмæ. Уый фæстæ уæ
алчидæр æрбаздæхдзæн, цы зæхх ын схай
кодтон, уырдæм“. [21]Йешуайæн дæр загътон
уæд: „Дæхи цæстæй федтай, Дунедарæг,
уæ Хуыцау, ацы дыууæ паддзахæн цытæ
бакодта, уый. Ды цы паддзахæдты сæрты
фæцæйцæуай, уыдонæн се 'пæттæн дæр
Дунедарæг афтæ бакæндзæн. [22]Ма сæ тæр-
сут, уымæн æмæ Дунедарæг, уæ Хуыцау,
Йæхæдæг хæцы уæ фарс“.

[23]Æмæ скуывтон уæд æз Дунедарæгмæ:
[24]„Дунедарæг Хуыцау! Ды мæнæн, Дæ ца-
гъарæн, фенын кодтай Де стырад æмæ Дæ
хъомыс! Кæм ис арвыл дæр æмæ зæххыл дæр
ахæм хъомысджын хуыцау, Ды кæй аразыс,
ахæм хъуыддæгтæ саразын кæмæн бантыса?
[25]Уæдæ мæ бауадз Иорданыл ахизын æмæ
уыцы бæркадджын бæстæ, уыцы рæсугъд
хæхтæ æмæ Ливан фенын!“ [26]Фæлæ мæм

**3:14** Ома «Иаиры хъæутæ».

Дунедарæг смæсты ис сымах тыххæй, нæ
мæм байхъуыста. Уый мын загъта: „Æгъгъæд
у! Уый кой Мын мауал скæн! 27Фасгайы хохы
сæрмæ ссу æмæ дæ цæст ахæсс ныгуылæн
æмæ цæгатыл, хуссар æмæ скæсæныл, фен
сæ, уымæн æмæ ды Иорданы фаллаг фарсмæ
нæ бахиздзынæ. 28Йешуайæн бафæдзæхс,
цæмæй фидар лæууа æмæ ма фæцуда; ацы
адæмы разæй уый ацæудзæн æмæ, ды дар-
дæй кæй фендзынæ, уыцы зæхх сын уый
байуардзæн“. 29Æмæ æрлæууыдыстæм мах
Бет-Пеормæ хæстæг дæлвæзы.

**4** Æрбайхъусут уæдæ, израилæгтæ, цы фæтк
æмæ уагæвæрдтыл уæ ахуыр кæнын, уыдон-
мæ, цæмæй удæгасæй баззайат æмæ уын
Дунедарæг, уæ фыдæлты Хуыцау, зæрдæ цы
бæстæй бавæрдта, уый уæхи бакæнат. 2Мæ
ныхæстæм æфтаугæ дæр мацы бакæнут æмæ
дзы æппаргæ дæр мацы акæнут. Æххæст кæ-
нут Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, фæдзæхс-
тытæ, æз уын кæй хъусын кæнын, уыдон.

3Уæхи цæстæй федтат, Дунедарæг Баал-
Пеоры цытæ бакодта, уый: Дунедарæг, уæ
Хуыцау, Баал-Пеоры фæстæ чидæриддæр
адзæгъæл ис, уыдонæн сæ мыггаг сыскъуыд-
та. 4Сымах та, Дунедарæгыл, йæ Хуыцауыл,
йæ зæрдæ чи нæ сивта, уыдон иууылдæр,
абон дæр ма сæрæгас стут.

5Дунедарæджы, Мæ Хуыцауы, ныхасмæ
гæсгæ амонын æз сымахæн фæтк æмæ уа-
гæвæрдтæ, цæмæй сæ æххæст кæнат, цы
бæстæм цæут æмæ уæхи цы бæстæ бакæн-
дзыстут, уым. 6Рох уæ макуы уæнт æмæ сæ
æххæст кæнут. Уæд уын æппæт адæмтæ фен-
дзысты уæ куырыхон зонд; ацы уагæвæрдтæ
фехъусгæйæ, зæгъдзысты: „Куыд æмбаргæ
æмæ зондджын сты ацы стыр адæм!“ 7Уы-
мæн æмæ ма кæм ис дыккаг ахæм стыр адæм,
йæ хуыцæуттæ, махмæ Дунедарæг, нæ Ху-
ыцау, куы Йæм скувæм, уæд куыд хæстæг
вæййы, афтæ æввахс кæмæ сты? 8Æмæ ма
кæм ис дыккаг ахæм стыр адæм, йæ фæтк
æмæ уагæвæрдтæ, æз уын ныртæккæ цы
æгъдауыл дзурын, уый хуызæн раст кæ-
мæн сты?

9Уæдæ афтæ: дæхимæ кæс, æмæ дæ рох
ма уæд, дæхи цæстæй цы федтай, уыдæттæ,
цæмæй цæрæнбонты дæ зæрдыл лæууой
æмæ дзурай дæ цотæн æмæ дæ цоты цотæн.

10Уыцы бон Дунедарæджы, уæ Хуыцауы
раз, лæууыдыстут Хоревы рæбын, æмæ мын
Дунедарæг загъта: „Адæмы Мæм æрæмбырд
кæн, æмæ сын Æз Мæ ныхас фехъусын кæн-
дзынæн, цæмæй сæм цæргæбонты зæххыл
Мæнæй тас уа æмæ сæ цоты дæр уыл аху-
ыр кæной“. 11Сымах бацыдыстут æмæ хох-
рæбын æрлæууыдыстут. Хох артау сыгъди,
æмæ арты æвзæгтæ арвыл ныдзæвыдысты.
Уыди саудалынг, бæзджын мигъ ныббадти.
12Дунедарæг уæм арты хуылфæй дзырдта;
сымах Æй хъуыстат, фæлæ Йæ уынгæ нæ
кодтат, æрмæст Йæ хъæлæс зæлыди. 13Уый
уын уæд фехъусын кодта, æххæст кæнын уын
кæй æмбæлы, Йæ уыцы бадзырд — Дæс фæ-
дзæхсты. Дыууæ къæйдурыл сæ ныффыста.

14Уæд мын Дунедарæг загъта, цæмæй уын
фæтк æмæ уагæвæрдтæ бацамонон, æмæ
сæ, уæхи кæй бакæндзыстут, уыцы бæсты
æххæст кæнат.

15Дунедарæг уæм Хоревы рæбын арты ху-
ылфæй куы дзырдта, уæд сымах фæлгонц нæ
федтат. Уæхи хъахъхъæнут уæдæ. 16Фыдбы-
лызæй уæхи бахизут: ма скæнут уæхицæн
гуымирытæ — мадæр нæлгоймаджы, мадæр
сылгоймаджы хуызы, 17мадæр зæххон цæ-
рæгойы, мадæр уæларвон маргъы хуызы,
18мадæр исты зæххыл хилæджы, мадæр
доны ленкгæнæг кæсаджы хуызы. 19Арвыл
хур, мæй, стъалытæ, æппæт уæларвæфсады
уындæй уæ зæрдæ ма бацыбæл уæд уыдонæн
кувынмæ: арвы бын цыдæриддæр адæмтæ
ис, уыдонæн сæ радта Дунедарæг, уæ Хуыцау.
20Сымах та Дунедарæг уыцы æфсæн тохына-
йæ, Мысырæй, уымæн ракодта, цæмæй, мæ-
нæ абон куыд у, афтæ суыдаиккат Йæ адæм.

21Мæнмæ сымах тыххæй смæсты ис Ду-
недарæг æмæ басомы кодта, æз Иорданы
фаллаг фарсмæ кæй нæ бахиздзынæн æмæ
Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн кæй хай кæ-
ны, уыцы диссаджы бæстæм кæй нæ бацæу-
дзынæн. 22Æз амæлдзынæн ацы бæстæйы,
Иорданы фаллаг фарсмæ нæ бахиздзынæн,
афтæмæй; сымах та бахиздзыстут æмæ уыцы
диссаджы бæстæ уæхи бакæндзыстут. 23Уæ-
хи хъахъхъæнут: Дунедарæджы, уæ Хуыцауы,
бадзырд уæ зæрдыл дарут: ма кæнут уæхи-
цæн гуымирытæ, мацы кувæн фæлгонцтæ
аразут. Афтæ уын фæдзæхсы Дунедарæг,
уæ Хуыцау. 24Уымæн æмæ Дунедарæг, уæ
Хуыцау, пиллон арт у, æнувыддзинад до-
мæг Хуыцау!

25Цот æмæ уын цоты цот куы фæзына, би-
рæ куы фæцæрат уыцы бæстæйы æмæ стæй
тæригъæд куы æруадзат Дунедарæджы, уæ
Хуыцауы раз, гуымирытæ куы скæнат æмæ
Йæ уæхимæ куы смæсты кæнат, 26уæд, арв
æмæ зæххыстæн, тагъд рæстæджы æнæхай
фæуыдзыстут, Иорданы фаллаг фарсмæ
уæхи бакæнынмæ кæй тыххæй цæут, уыцы

бæстæй. Уым уын бирæ фæцæрын нæ бан-
тысдзæн: цагъды фæуыдзыстут. 27Ныххæ-
лиу уæ кæндзæн Дунедарæг адæмты ’хсæн.
Армыдзаг ма уыдзыстут, Дунедарæг уæ кæ-
дæм фæкæна, уыцы адæмты ’хсæн. 28Лæггад
кæндзыстут уым адæймаджы къухæй конд
дурын æмæ хъæдын хуыцæуттæн, уынгæ
дæр æмæ хъусгæ дæр, хæргæ дæр æмæ æм-
будгæ дæр чи нæ кæны, уыдонæн.

29Уым райдайдзыстут агурын Дунедарæ-
джы, уæ Хуыцауы, æмæ Йæ удуæлдайæ, зæр-
диагæй куы æрцагурат, уæд Æй ссардзыстут.
30Искуы уыл фидæны уынгæг рæстæг куы
скæна æмæ æппæт адæттæ куы бавзарат,
уæд раздæхдзыстут Дунедарæгмæ, уæ Хуы-
цаумæ, æмæ Йын фехъусдзыстут Йæ хъæлæс.
31Уымæн æмæ бараг у Дунедарæг, уæ Хуыцау,
Уый уæ нæ ныууадздзæн æмæ уæ нæ фесаф-
дзæн, нæ ферох кæндзæн, уæ фыдæлтимæ
цы бадзырд сарæзта æмæ, ард бахæргæйæ,
кæй сфидар кодта, уый.

32Æрфæрсут-ма раздæры заманты тыххæй,
уæ размæ, Хуыцау зæххыл адæймаджы куы
сфæлдыста, уæдæй нырмæ цы уыди, уы-
дæттæй, кæддæра арвы иу кæронæй иннæ
кæронмæ искуы ахæм стыр диссаг æрцыди,
ахæмæй исты фехъуыстæуыд? 33Кæд ма уы-
дис афтæ, цæмæй адæмтæй исчи сымахау
Хуыцауы хъæлæс арты хуылфæй фехъуса
æмæ сæрæгасæй баззайа? 34Кæнæ кæд уы-
ди афтæ, æмæ исты хуыцау адæмты ’хсæн
йæхицæн адæм равзара æмæ сæ уæззау зын-
тæ, æвдисæйнæгтæ, стыр диссæгтæ æмæ
хæстытæй бафæлвара, Йæ хъомысджын
къухы фæрцы æвирхъау тæссаг хъуыддæг-
тæ сараза? Дунедарæг, уæ Хуыцау, æппæт
уыдæттæ Мысыры уæ цæстыты раз бакодта.
35Сымахæн æппæт уыдæттæ равдыстæуыд,
цæмæй зонат, Дунедарæг Хуыцау кæй у æмæ
Уый йеддæмæ Хуыцау кæй нæй. 36Уый уын
уæлæрвтæй фехъусын кодта Йæ хъæлæс,
цæмæй уæ раст фæндагыл араза. Уый уын
зæххыл фенын кодта Йе стыр арт, æмæ Йын
арты хуылфæй фехъуыстат Йæ ныхæстæ.

37Уæ фыдæлты уын кæй уарзта, сæ хъæстæ
дæр сын уымæ гæсгæ равзæрста. Йе стыр
хъаруйы фæрцы уæ ракодта Мысырæй, 38цæ-
мæй фæсурат сæ бæстæй, сымахæй бирæ
фылдæр æмæ тыхджындæр цы адæмтæ сты,
уыдоны; цæмæй уæ æрбакæна сæ зæхмæ
æмæ уын æй ратта исбонæн, мæнæ абон
куыд у, афтæ. 39Зонут уæдæ æмæ уæ зæр-
дыл бадарут: Дунедарæг у Хуыцау уæлейæ,
арвыл, æмæ бынæй, зæххыл, æмæ Уый йед-
дæмæ Хуыцау нæй. 40Æххæст Ын кæнут Йæ
фæтк æмæ Йæ уагæвæрдтæ, мæнæ уын æз
кæй амонын ныр, уыдон, æмæ хорз уыдзæн
сымахæн æмæ уæ фæстагæттæн, æмæ бирæ
фæцæрдзыстут, æнустæм уын Дунедарæг,
уæ Хуыцау, кæй хай кæны, уыцы бæсты».

41Уыцы рæстæджы Моисей рахицæн кодта
æртæ сахары Иорданæй хурыскæсæнæрдæм,
42цæмæй-иу, йе знаг нæ уыди, афтæмæй
æнæбары искæй чи амара, уый уыцы сахар-
тæй иумæ алидза æмæ афтæмæй фервæза.
43Мæнæ сты уыцы сахартæ: Бецер — æдзæ-
рæг быдыры, дæлвæзы, Рувимты хайыл;
Рамот — Гилады, Гадты хайыл; Голан — Ба-
шаны, Менассиайы мыггаджы хайыл.

44Мæнæ, Моисей израилæгтæн кæй бацა-
мыдта, уыцы Æгъдау, 45Мысырæй рацæуыны
фæстæ Моисей израилæгтæн цы фæтк, цы
уагæвæрдтæ æмæ фæндиæгтæ фехъусын
кодта, уыдон. 46Уый уыди Иорданы фале,
Бет-Пеормæ æввахс дæлвæзы, Хешбоны
чи хицауиуæг кодта, уыцы амораг паддзах
Сигоны зæххыл. Моисей æмæ израилæгтæ
Мысырæй куы рацыдысты, уæд æй басастой.
47Йæ бæстæ йын, стæй ма йемæ ноджы Баша-
ны паддзах Огы бæстæ дæр сæхи бакодтой.
Уыцы дыууæ амораг паддзахы зæххытæ сæ-
хи айтыгътой Иорданæй хурыскæсæнæрдæм,
48Арноны былгæрон Ароерæй Сионы хохы
онг, Ермон дæр ма йæ хонынц. 49Иорданæн
йæ фаллаг фарс, скæсæнæрдыгæй цы дæлвæз
ис, уый дæр уыдонмæ хауы суанг Фасгайы
рæбынмæ, денджызы онг.

**5** Моисей фæдзырдта æппæт Израилы
адæммæ æмæ сын загъта: «Байхъусут, из-
раилæгтæ, абон уын æз цы фæтк æмæ цы
уагæвæрдты тыххæй дзурын, уыдонмæ.
Сахуыр сæ кæнут æмæ сæ æххæст кæнут.
2Дунедарæг, нæ Хуыцау, фидыд сарæзта
немæ Хоревы. 3Нæ фыдæлтимæ нæ сарæзта
уыцы фидыд Дунедарæг, фæлæ немæ, абон
цардæгас чи у, æппæт уыдонимæ. 4Лæгæй-
лæгмæ ныхас кодта Дунедарæг уемæ хохы
сæр, арты хуылфæй. 5Уыцы рæстæг æз та
Дунедарæгæй сымах æхсæн лæууыдтæн,
цæмæй уын Дунедарæджы ныхæстæ дзурон,
уымæн æмæ сымах, артæй тæргæйæ, хохы
сæрмæ ссæуын нæ уæндыдыстут. Уый загъта:

6„Æз — Дунедарæг, уæ Хуыцау, цагъар-
тæ кæм уыдыстут, уыцы Мысырæй уæ чи
ракодта, Уый.

7Мæн йеддæмæ уын æндæр хуыцæуттæ
ма уæд.

8Ма аразут гуымирытæ уæхицæн — нæ-
дæр уæлейæ, арвыл, нæдæр бынæй, зæххыл,

нæдæр зæххæй дæлдæр, дони чи цæры, исты
ахæм цæрæгойы хуызы.
9Ма сын кувут æмæ сын ма лæггад кæ-
нут, уымæн æмæ Æз, Дунедарæг, уæ Хуыцау,
æнувыддзинад домæг Хуыцау; йæхи Мыл чи
атигъ кодта, уыдоны тæригъæдтæ фидын
кæнын сæ байзæддæгтæн, æртыккаг æмæ
цыппæрæм фæлтæры онг. 10Чи Мæ уарзы
æмæ Мын Мæ фæдзæхстытæ чи æххæст
кæны, уыдонæн та сæ тъымы-тъыма дæр
хайджын у Мæ хорзæхæй.
11Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, ном хъæуа-
нæ хъæуа ма дзур: афтæ чи кæны, уымæн æй
Дунедарæг нæ ныббардзæн.
12Бæрæг кæн сабат, уазыл дæм уæд ны-
мад, Дунедарæг, дæ Хуыцау, дæуæн куыд
бафæдзæхста, афтæ. 13Æхсæз боны кус, дæ
алы хъуыддаг кæн. 14Æвдæм бон та — сабат;
уый Дунедарæджы у, дæ Хуыцауы. Мацы
куыст кæн: ды дæр, дæ фырт дæр, дæ чызг
дæр, дæ цагъар дæр (нæлгоймаг уа æви сыл-
гоймаг), дæ гал, дæ хæрæг, дæ алы фос дæр,
дæ фарсмæ цæрæг æрцæуæггаг дæр. Дæуау
сæ фæллад суадзæнт дæ цагъартæ дæр сыл-
гоймагæй, нæлгоймагæй. 15Дæ зæрдыл дар,
ды цагъар кæй уыдтæ Мысыры, æмæ дыл
Дунедарæг, дæ Хуыцау, Йæ арм кæй дардта
æмæ дæ Йæ хъомысджын къухы фæрцы
уырдыгæй кæй ракодта. Уый тыххæй дын
бафæдзæхста Дунедарæг, дæ Хуыцау, сабат
нымайын.
16Нымай дæ фыд æмæ дæ мады, Дунеда-
рæг, дæ Хуыцау, дæуæн куыд бафæдзæхста,
афтæ, цæмæй уай фæрнджын æмæ бирæ
фæцæрай, Дунедарæг, дæ Хуыцау, дæуæн
кæй радта, уыцы зæххыл.
17Ма амар.
18Ма хæт.
19Ма дав.
20Искæй ныхмæ мæнгæвдисæн ма ныллæу.
21Ма бабæлл искæй усмæ, искæмæн ма
бабæлл мадæр йæ хæдзармæ, мадæр — йæ
хуыммæ, мадæр — йæ цагъартæм, мадæр —
йæ галмæ, мадæр — йæ хæрæгмæ. Искæй
исæй мацæмæ бабæлл“.
22Уыцы ныхæстæ Дунедарæг хохы сæр арт,
мигъ æмæ саудалынджы хуылфæй æрвнæ-
рæгау уе ’ппæтмæ радзырдта. Æндæр сæм
ницыуал бафтыдта. Дыууæ къæйдурыл фыс-
тæй мæм сæ радта.
23Æмæ саудалынджы арфæй хъæлæс куы
фехъуыстат, уæд хох арты сыгъди, æмæ мæм
уырдæм æрбацыдыстут сымах, мыггæгты
хистæртæ æмæ зæрæдтæ. 24Æмæ загътат:
„Мæнæ нын равдыста Дунедарæг, нæ Хуыцау,
Йæ кад æмæ Йæ хъомыс. Арты хуылфæй
Йын фехъуыстам Йæ хъæлæс. Абон мах
федтам, Хуыцау адæймагимæ кæй дзырд-
та, æмæ адæймаг удæгасæй кæй баззади,
уый. 25Фæлæ цæмæн хъуамæ амæлæм ныр?
Ацы пиллон арт нæ аныхъуырдзæн æмæ
амæлдзыстæм, Дунедарæджы, нæ Хуыцауы,
хъæлæс ма куы фехъусæм, уæд. 26Уымæн
æмæ ма искуыдæр фендæуыд, цæмæй адæй-
маг махау удæгас Хуыцауы хъæлæс фехъуса
арты хуылфæй æмæ удæгасæй баззайа? 27Ды
хæстæг бацу æмæ хъус, Дунедарæг, нæ Хуы-
цау, цы зæгъдзæни, уымæ. Уый фæстæ нын
радзурдзынæ, Дунедарæг, нæ Хуыцау, цыдæ-
риддæр зæгъа, æппæт уыдæттæ, мах та сæм
хъусдзыстæм æмæ сæ æххæст кæндзыстæм“.
28Æмæ уын Дунедарæг фехъуыста уæ
ныхæстæ, мемæ куы дзырдтат, уæд, æмæ
мын загъта Дунедарæг: „Æз фехъуыстон
ацы адæмы ныхæстæ, демæ куы дзырдтой,
уæд. Раст дзурынц. 29Тæхуды, сæ зæрдæты
æцæгдæр тас куы уаид Мæнæй, æмæ Мын
кæддæриддæр Мæ фæдзæхстытæ куы æх-
хæст кæниккой, цæмæй сæхæдæг дæр æмæ
сæ байзæддæгтæ дæр амондджын уой мыг-
гагмæ! 30Цу, зæгъ сын, цæмæй сæ цатыртæм
аздæхой. 31Ды та лæуу ам, Мæ цуры, æмæ
дын Æз фехъусын кæнон æппæт фæдзæхс-
тытæ, фæтк æмæ уагæвæрдтæ, цæмæй сын
сæ ды бамбарын кæнай æмæ сæ æххæст кæ-
ной, цæрынæн сын цы бæстæ дæттын, уым“.
32Уæхимæ кæсут уæдæ, æмæ уын Дунеда-
рæг, уæ Хуыцау, куыд бафæдзæхста, афтæ
кæнут: рахизæрдæм дæр æмæ галиуæрдæм
дæр ма фæзилут. 33Дунедарæг, уæ Хуыцау,
сымахæн цы фæндæгтыл цæуын бафæдзæхс-
та, уыцы фæндæгтыл цæут, цæмæй сæрæгас
æмæ зæрдæрухсæй бирæ фæцæрат, уæхи цы
бæстæ бакæндзыстут, уым.

**6** Уый уын уыцы фæдзæхстытæ, фæтк æмæ
уагæвæрдтæ, Дунедарæг, уæ Хуыцау, афтæ кæ-
мæй загъта, бацамон сын сæ æмæ сæ æххæст
кæной, сæхи бакæнынмæ цы бæстæм цæуынц,
уым. 2Тæрсут Дунедарæгæй, уæ Хуыцауæй,
æмæ Йын цæрæнбонты æххæст кæнут, æз
уын кæй амонын, Йæ уыцы уагæвæрдтæ æмæ
фæдзæхстытæ, — уæхæдæг дæр, уæ цот дæр
æмæ уæ цоты цот дæр, цæмæй бирæ фæцæрат.
3Уæдæ байхъусут, израилæгтæ, æмæ ар-
хайут уыдæттæ æххæст кæныныл, цæмæй
райгонд уат æмæ сбирæ уат, Дунедарæг, уæ
фыдæлты Хуыцау, сымахæн ныфс кæмæй
бавæрдта, æхсыр æмæ мыд цы зæххæй хъа-
ры, ууыл.

4Байхъус, Израил! Дунедарæг, нæ Хуыцау,
у иунæг Хуыцау! 5Уарз Дунедарæджы, дæ
Хуыцауы, æппæт зæрдæйæ, æппæт уд æмæ
æппæт хъаруйæ. 6Æмæ уын æз абон кæй
фæдзæхсын, уыцы ныхæстæ арф бавæрут уæ
зæрдæйы. 7Дзурут æмæ сæ дзурут уæ цотæн,
фæлхат сæ кæнут, хæдзары бадгæйæ æмæ
фæндагыл цæугæйæ, хуыссæны æрхуысгæйæ
æмæ хуыссæнæй растгæйæ. 8Уæ къухыл сæ
бабæттут нысанау, уæ ныхыл сæ æрбабæттут.
9Ныффыссут сæ уæ хæдзæртты уæлкъæсæр-
тыл æмæ уæ сахары кулдуæрттыл.
10Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымах бакæн-
дзæн, уæ фыдæлтæ Авраам, Исаак æмæ Йа-
ковæн зæрдæ цы зæххæй бавæрдта, уырдæм.
Уым — стыр æмæ дидинæфтыд сахартæ,
сымах кæй нæ саразтат; 11алы мулкæй йе-
мыдзаг хæдзæрттæ, сымах кæй нæ байдзаг
кодтат; цъайтæ, сымах кæй не скъахтат; сæн-
дæттæ æмæ оливæ бæласы къохтæ, сымах
кæй нæ ныссагътат. Уым хæрдзыстут æмæ
бафсаддзыстут уæхи. 12Кæсут-иу уæхимæ —
цагъартæ кæм уыдыстут, уыцы Мысырæй
уæ Чи ракодта, Уыцы Дунедарæджы-иу ма
ферох кæнут. 13Дунедарæгæй, уæ Хуыцауæй,
тæрсут, æрмæстдæр Уымæн лæггад кæнут
æмæ Йæ номæй сомы кæнут.
14Уæ алыварс адæмты хуыцæуттæй макæй
фæдыл цæут! 15Уымæн æмæ Дунедарæг, уæ
Хуыцау, уе 'хсæн Чи ис, Уый, æнувыддзинад
домæг Хуыцау у. Йæ маст куы рафыца, уæд
уæ зæххы цъарæй фесафдзæн. 16Ма фæлва-
рут Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, Массайы
йæ куыд фæлвæрдтат, афтæ. 17Макуы хизут
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, ныхасы сæр-
ты, кæддæриддæр æххæст кæнут, Уый уын
цы фæтк æмæ уагæвæрдтæ бафæдзæхста,
уыдон. 18Дунедарæджы цæсты раст æмæ
хорзыл нымад цы у, уыдæттæ кæнут, цæ-
мæй æнæмастæй цæрат, бацæуат æмæ уæхи
бакæнат, Дунедарæг уæ фыдæлтæн зæрдæ
цы бæркадджын бæстæй бавæрдта, уый,
19цæмæй уын уе знæгты уæ цурæй фесафа.
Афтæ зæгъы Дунедарæг.
20Сомбон уæ куы фæрсой уæ цот, Дуне-
дарæгæй, уæ Хуыцауæй, сымахæн цы фæ-
дзæхстытæ, фæтк æмæ уагæвæрдтæ лæвæрд
ис, уыдоны нысаниуæгæй, 21уæд-иу сын
зæгъут: „Мах цагъартæ уыдыстæм Мысыры
паддзахæн, æмæ нæ Йæ хъомысы фæрцы
ракодта Дунедарæг Мысырæй; 22Дунедарæг
нæ цæстыты раз равдыста æвдисæйнæгтæ
æмæ диссæгтæ, Мысыры бæстæ, фараон
æмæ йын йе 'ппæт хæдзаронты чи бабын
кодта, уыдон; 23мах та ракодта уырдыгæй,
цæмæй нæ æрбакæна, нæ фыдæлтæн зæрдæ
цы бæстæй бавæрдта, уырдæм. 24Дунедарæг
нын бафæдзæхста æппæт ацы уагæвæрдтæ
æххæст кæнын æмæ Дунедарæгæй, нæ Хуы-
цауæй, тæрсын, цæмæй цæрæнбонты æнæ-
маст уæм æмæ сæрæгасæй баззайæм, мæнæ
абон куыд у, афтæ. 25Рæстгæнджытыл нымад
уæд уыдзыстæм, æппæт ацы фæдзæхстытæ
Дунедарæджы, нæ Хуыцауы, раз, Уый нын
куыд загъта, афтæ куы æххæст кæнæм“.

**7** Куы уæ бакæна Дунедарæг, уæ Хуыцау,
йæ байсынмæ цы бæстæм цæут, уырдæм
æмæ куы фæсура уæ цурæй, нымæцæй дæр
сымахæй фылдæр, хъаруйæ дæр сымахæй
æххæстдæр авд адæмыхатты: хеттæгты,
гиргашæгты, аморæгты, ханаанæгты, пе-
ризæгты, хиввæгты, евусæгты, 2Дунедарæг,
уæ Хуыцау, уыдоны уæ къухтæм куы ратта
æмæ сæ куы ныддæрæн кæнат, уæд-иу сæ
æлгъыстаг фæкæнут, семæ-иу фидыд ма
саразут, удæгасæй дзы макæй ныууадзут.
3Хæстæгдзинад ма кæнут семæ, уæ чызджы-
ты сæ лæппутæм моймæ ма дæттут æмæ сын
сæ чызджыты дæр уæ фырттæн ма курут,
4уымæн æмæ афтæмæй уæ фырттæ Мæныл
суæлæхох уыдзысты æмæ æндæр хуыцæут-
тæн лæггад кæнын райдайдзысты, æмæ
уæм Дунедарæджы маст ссудздзæн, æмæ
уæ фесафынмæ фæстиат нæ фæкæндзæн.
5Фæлтау сын сæ нывондхæссæнтæ ныппырх
кæнут, сæ табуйаг дуртæ сын ныссæттут,
Ашерæйы цæджындзтæ акалут, сæ гуыми-
рыты сын арты хай бакæнут. 6Уымæн æмæ
сымах сыгъдæг адæм стут Дунедарæгæн, уæ
Хуыцауæн; сымах равзæрста Дунедарæг, уæ
Хуыцау, зæххы цъары æппæт адæмты 'хсæн,
цæмæй Йæ адæм уат. 7Дунедарæг уæ, иннæ
адæмтæй фылдæр кæй стут, уый тыххæй нæ
бауарзта æмæ нæ равзæрста, мыййаг. Уый
уæ, адæмты 'хсæн æппæты къаддæр кæй
стут нымæцæй, уымæн равзæрста. 8Уарзгæ
уæ кæй кæны æмæ уæ фыдæлтæн цы сомы
ракодта, уый тыххæй уæ суæгъд кодта Ду-
недарæг уацарæй Йæ хъомысджын къухы
фæрцы æмæ уæ уымæн фервæзын кодта
Мысыры паддзахы бархъомысæй. 9Уæдæ
зонут, Дунедарæг, уæ Хуыцау, иузæрдион
Хуыцау кæй у, Йæ сомы Чи нæ сайы, чи Йæ
уарзы æмæ Йын Йæ фæдзæхстытæ чи æх-
хæст кæны, уыдонил тъымы-тъымамæ Чи
ауды. 10Йæхи Йыл чи тигъ кæны, уыдонæн
аккаг фæуыдзæн æмæ сæ бабын кæндзæн —
се 'ппæтыл дæр æвæстиатæй Йæ бæллæх
сæвæрдзæн. 11Уæдæ æххæст кæнут, æз уын

ныртæккæ цы фæдзæхстытæ, ӕгъдау æмæ
уагæвæрдтæ хъусын кæнын, уыдон.
12Уыцы уагæвæрдты сæрты куынæ хизат,
бæстон сæ куы æххæст кæнат æмæ сæ куы
бахъахъхъæнат, уæд Дунедарæг, уæ Хуыцау,
уæ фыдæлтимæ цы фидыд саразта, уый нæ
фæсайдзæн. 13Хуыцауæн уарзон уыдзыстут,
æмæ уын арфæ ракæндзæн; сымахæн рат-
тынæй уæ фыдæлтæн зæрдæ цы зæххæй
бавæрдта, уым мыггагарæх уыдзыстут. Ар-
фæгонд уыдзысты уæ зæнæг æмæ уæ зæххы
тыллæг, уæ хойраг, уæ сæн æмæ оливæйы
сой, уе стуртæ æмæ уæ фысвосы цæуæт.
14Адæмты ’хсæн æппæты арфæгонддæр
сымах уыдзыстут: нæ уæм уыдзæн нæдæр,
цот кæмæн нæ цæуы, ахæм нæлгоймæгтæ
æмæ сылгоймæгтæ, нæдæр хуыскъ фос. 15Ба-
хиздзæн уæ Дунедарæг алы низæй, Мысыры
уе ’нæзонгæ чи нæ уыд, æппæт уыцы низтæ
сымахыл нæ, фæлæ уæ чи нæ уарзы, уыдоныл
бафтаудзæн. 16Æмæ ныццæгъдздзыстут, Ду-
недарæг, уæ Хуыцау, уæ къухмæ кæй дæтты,
æппæт уыцы адæмты. Ма сын фæтæригъæд
кæнут æмæ сын сæ хуыцæуттæн ма лæггад
кæнут — цъысымы бахаудзыстут.
17Чи зоны, сымах ахъуыды кæнат, ацы
адæмтæ махæй фылдæр куы сты, уæд сын
мах куыд байсдзыстæм сæ зæхх, зæгъгæ,
18фæлæ сæ ма фæтæрсут. Уæ зæрдыл æрлæу-
уæд, Дунедарæг, уæ Хуыцау, фараонæн æмæ
ӕгас Мысырæн цытæ бакодта, уый, 19уæхи
цæстæй кæй федтат, уыцы стыр фыдæвза-
рæнтæ, ӕвдисæйнæгтæ æмæ диссæгтæ. Ду-
недарæг, уæ Хуыцау, сымах Йæ базыры бын
куыд бакодта æмæ уæ Йæ хъомысджын къу-
хы руаджы куыд фервæзын кодта, афтæ та
Дунедарæг, уæ Хуыцау, схос кæндзæн, сымах
кæмæй тæрсут, уыцы адæмтæн дæр. 20Суанг
ма сæ дыдынты ахæсты дæр бакæндзæн Ду-
недарæг, уæ Хуыцау, æмæ, чи аирвæзти æмæ
сымахæй чи бамбæхст, уыдон дæр цагъды
фæуыдзысты. 21Ма сæ тæрсут, уымæн æмæ
Дунедарæг, уæ Хуыцау, стыр æмæ карз Ху-
ыцау, уемæ ис. 22Цадæггай фесафдзæн Ду-
недарæг, уæ Хуыцау, уæ цурæй ацы адæмты,
уымæн æмæ сæ æваст куы скуынæг кæнат,
уæд сæ бынаты хъæддаг сырдтæ ӕгæр сбирæ
уыдзысты. 23Уæ амæттаг сæ бакæндзæн Ду-
недарæг, уæ Хуыцау, сæ сæр сæ кой суыдзæн,
æмæ сæ иу дæр удæгасæй нал аирвæздзæн.
24Сæ паддзæхты уын уæ къухмæ ратдзæн,
æмæ сын сæ кой дæр фесафдзыстут арвы
бынæй. Ничи фæлæудзæн уæ ныхмæ, се
’ппæты дæр ныццæгъддзыстут. 25Арты хай
сын бакæнут сæ гуымирыты, фæлæ сыл
цы æвзист æмæ сыгъзæрин ис, уыдонмæ
ма бабæллут æмæ сæ уæхицæн ма райсут:
цъысымы бахаудзыстут, уымæн æмæ уый
æлгъаг у Дунедарæджы, уæ Хуыцауы раз.
26Æлгъаг дзаума ма бахæссут уæ хæдзармæ,
науæд уæхæдæг дæр æлгъыстаг фæуыдзыс-
тут йемæ; ахæм дзауматæй уæхи хизут, æлгъ
сыл кæнут — æлгъыстаг сты уыдон.

8 Абон уын æз кæй дзурын, æппæт уыцы
фæдзæхстытæ лæмбынæг æххæст кæнут,
цæмæй сæрæгас уат æмæ уæ мыггаг сбирæ
уа, цæмæй фæцæуат æмæ, Дунедарæг уæ
фыдæлтæн зæрдæ цы бæстæй бавæрдта, уый
уæхи бакæнат. 2Æртасын уæ кæныны æмæ,
Йæ фæдзæхстытæн уæ зæрдæйы цы бынат
ис, уый базоныны охыл уæ Дунедарæг, уæ
Хуыцау, дыууиссæдз азы дæргъы æдзæрæг
быдыры цы фæндагыл фæкодта, уый уæ
рох ма уæд. 3Фæлвæрдта уæ Уый алы хуыз-
ты, стонг заман уын æвзарын кодта æмæ,
уæхæдæг дæр æмæ уæ фыдæлтæ дæр кæй
никуы федтат, уыцы маннæ уын хæрын
кодта, цæмæй уын равдиса: айдагъ дзулæй
нæ цæры адæймаг, фæлæ Дунедарæджы
дзыхæй рацæугæ алы дзырдæй дæр. 4Уыцы
дыууиссæдз азы дæргъы уæ дарæс дæр нæ
лæзæрыди, уæ къæхтæ дæр нæ рæсыдысты.
5Уæдæ фидарæй зонут, лæг йæ фырты раст
фæндагыл куыд араза, афтæ Дунедарæг, уæ
Хуыцау, раст фæндагыл цæуын ахуыр кæны
сымах дæр. 6Уæдæ æххæст кæнут Дунедарæ-
джы, уæ Хуыцауы, фæдзæхстытæ, Йæ фæн-
дæгтыл цæут, æмæ уæм Хуыцауы тас уæд.
7Уымæн æмæ уæ диссаджы бæстæм кæны
Дунедарæг, уæ Хуыцау: бирæ цæугæдæттæ
кæм ис, йæ хæхтæ æмæ йæ дæлвæзты суа-
дæттæ кæмæн абузынц; 8мæнæу æмæ хъæ-
бæрхоры, сæнæфсир, легъуи æмæ гранатты,
оливæ бæлæстæ æмæ мыды чыргъæдты
бæстæм; 9къæбæрцух кæм нæ уыдзыстут,
хъуаг кæм ницæмæй æййафдзыстут, ахæм
бæстæм; йæ дурты æфсæйнаг кæмæн ис,
йæ хæхты æрхуы кæмæн амал кæндзыс-
тут, ахæм бæстæм. 10Æмæ-иу куы бахæрат
æмæ куы бафсæдат, уæд-иу кæддæриддæр
арфæ ракæнут Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн,
ахæм диссаджы бæстæ уын кæй радта, уый
тыххæй.
11Макуы уæ ферох уæд Дунедарæг, уæ Ху-
ыцау, æмæ Йын макуы ахизут Йæ фæдзæхс-
тытæ, Йе ’гъдæуттæ æмæ Йæ уагæвæрдты
сæрты, мæнæ уын абон кæй хъусын кæнын,
уыдоны сæрты. 12Уе стонг куы басæттат, хорз
хæдзæрттæ куы саразат æмæ уыл цард куы

’рхæца, 13уе стуртæ æмæ фысвосæн сæ ны-
мæц куынæуал зонат, æвзист æмæ уæм сыгъ-
зæрин куы сбирæ уой, алцыдæр уæм бирæ
куы уа, 14уæд, чи зоны, уæхиуыл фервæссат
æмæ уæ ферох уа, Мысырæй, уацарæй уæ Чи
ракодта, Уыцы Дунедарæг, уæ Хуыцау. 15Уый
уæ ракодта, цæст кæуыл не ’ххæссы, ахæм
тасæфтауæг æдзæрæг быдырыл, хус æмæ
æнæдон зæххыл, маргджын кæлмытæ æмæ
уырынгонты æхсæнты, айнæг къæдзæхы
риуæй уын дон рауагъта. 16Уæ фыдæлтæ кæй
никуы зыдтой, уыцы маннæ уын хæрын код-
та æдзæрæг быдыры, цæмæй уæ сæрныллæг
скæна, бафæлвара уæ æмæ уын уый фæстæ
хорздзинад ракæна. 17Афтæ ма ’нхъæлут,
æмæ уæхи уды фыдæбон æмæ уæхи хъаруйæ
самал кодтат æппæт ацы мулк. 18Рох уæ ма
уæд Дунедарæг, уæ Хуыцау: Уый абон дæр
уæ фыдæлтимæ бадзырд нæ сайы æмæ уын
хъару дæтты, цæмæй мулкыл фæхæст уат.
19Сымах Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, куы
ферох кæнат æмæ æндæр хуыцæуттæ фæдыл
куы адзæгъæл уат, уæд, кæй бабын уыдзыс-
тут, уый уын æз абон рагацау зæгъын. 20Ду-
недарæгмæ, уæ Хуыцаумæ, куынæ хъусат,
уæд сымахæн дæр, мæнæ уæ цæстыты раз
бындзагъд кæй кæны, уыцы адæмтау зæх-
хыл уæ кой дæр нал баззайдзæн.

**9** Байхъусут, израилæгтæ! Сымах ныр цæут
Иорданы фалемæ, цæмæй, уæхицæй фылдæр
æмæ хъаруджындæр цы адæмтæ сты, уыдо-
ны фæсурат æмæ уæхи бакæнат, уæларвмæ
чи æххæссы, уыцы фидаргонд сахартæ, 2ны-
мæцæй дæр æмæ асæй дæр кæй не ’ййафут,
уыцы адæмы, Анакы байзæддæгты, зæхх,
уыдоны ныхмæ чи фæлæудзæн, зæгъгæ,
кæй тыххæй дзырдæуы. 3Уæдæ ныр зонут:
Дунедарæг, уæ Хуыцау, уæ разæй зынгирвæз-
тау цæуы. Уый сæ ныццæгъддзæн æмæ сæ
басæтдзæн уæ разы. Фæсурдзыстут сæ, Ду-
недарæг уын куыд загъта, афтæ сæ рæхджы
скуынæг кæндзыстут. 4Фæлæ сæ Дунедарæг,
уæ Хуыцау, уæ разæй куы фæсура, уæд уæм
уæ зæрдæ афтæ ма сдзурæд: „Рæстгæнджы-
тæ кæй стæм, уый тыххæй нæ æрбакодта
Дунедарæг ардæм, цæмæй ацы бæстæ ба-
цахсæм“. Уымæн æмæ сæ фыдракæндты
тыххæй суры Дунедарæг уыцы адæмты уæ
цурæй. 5Раст æмæ сыгъдæгзæрдæ кæй стут,
уый тыххæй сын нæ бацахсдзыстут сæ бæс-
тæ. Фыдгæнджытæ кæй сты, уый тыххæй
сæ суры Дунедарæг, уæ Хуыцау, уæ цурæй,
цæмæй сæххæст кæна, уæ фыдæлтæ Авраам,
Исаак æмæ Йаковæн цы сомы ракодта, уый.
6Уæдæ зонут, раст адæм кæй стут, уый тых-
хæй уын нæ дæтты Дунедарæг, уæ Хуыцау,
ацы алæмæты бæстæ, уымæн æмæ сымах
хивæнд стут. 7Дунедарæджы, уæ Хуыцауы,
æдзæрæг быдыры куыд мæсты кодтат, уый
уæ рох ма уæд. Мысырæй куы рацыдыстут,
уæдæй абонмæ, цалынмæ ардæм не ’рба-
цыдыстут, уæдмæ, Дунедарæджы ныхмæ
лæууыдыстут. 8Хоревы раз дæр афтæ смæсты
кодтат Дунедарæджы, æмæ уæ хъуамæ фыр
мæстæй ныццагътаид.
9Æз хохмæ ссыдтæн, цæмæй къæйдур-
тæ райсон — Дунедарæг уемæ кæй сарæзта,
уыцы фидыды къæйдуртæ. Дыууиссæдз
боны æмæ дыууиссæдз æхсæвы арвыстон,
хор æмæ доны хъæстæ нæ фæдæн, афтæ-
мæй. 10Æмæ мын Дунедарæг радта дыууæ
къæйдуры. Сæ уæлæ Хуыцауы къухæй фыст
уыдысты, Дунедарæг уын æмбырды бон, хо-
хы сæр, арты хуылфæй цы ныхæстæ загъта,
уыдон иууылдæр. 11Дыууиссæдз боны æмæ
мын дыууиссæдз æхсæвы фæстæ Дунедарæг
радта дыууæ къæйдуры, фидыды къæйдур-
тæ. 12Загъта мын: „Рæвдз цæугæ дæлæмæ:
дæ адæм, Мысырæй кæй ракодтай, уыдон,
сæнæуаг сты. Цы фæндагыл цæуын сын
бафæдзæхстон, уымæй тагъд фæзылдысты:
сæхицæн скодтой джиппыуагъд гуымиры“.
13Дунедарæг мын загъта: „Кæсын ацы
адæммæ, æмæ сын басæттæн нæй. 14Ба-
уадз Мæ, æмæ сæ ныццæгъдон, арвы бын
сын сæ кой фесафон. Дæуæй та, уыдонæй
фылдæр æмæ тыхджындæр чи уа, ахæм
адæмы мыггаг рантысын кæндзынæн“. 15Æз
фæзылдтæн æмæ хохæй дæлæмæ фæцæ-
уæг дæн. Хох пиллонæй сыгъди. Фидыды
дыууæ къæйдурыл хæцыдтæн мæ дыууæ
къухæй. 16Æмæ æз федтон, Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы раз, тæригъæд кæй ракодтат,
уый: уæхицæн джиппыуагъд гуымиры са-
рæзтат; Дунедарæг уын цы фæндагыл цæ-
уын бафæдзæхста, уымæй адзæгъæл стут.
17Æз райстон дыууæ къæйдуры æмæ сæ
мæ дыууæ къухæй зæххыл ныццавтон, уæ
цæстыты раз сæ ныппырх кодтон. 18Ногæй
та ныддæлгом дæн зæххыл Дунедарæджы
раз; дыууиссæдз боны æмæ та дыууиссæдз
æхсæвы хор æмæ доны хъæстæ нæ фæдæн,
афтæмæй куывтон Дунедарæгмæ, уымæн
æмæ фæтæригъæдджын стут, фыдракæнд
сарæзтат Йæ разы, æмæ уæм смæсты ис.
19Тарстæн, Дунедарæг уæ фыр мæстæй куы
бабын кæна, уымæй. Æмæ та мæм ацы хатт
дæр байхъуыста Дунедарæг. 20Кæддæр ма
Ааронмæ дæр афтæ смæсты ис Дунедарæг,

фесафынмæ йæ хъавыд, æмæ æз Аароны
тыххæй дæр афтæ куывтон уæд. 21Уæ тæри-
гъæд — кæй сарæзтат, уыцы гуымирыйы —
æз арты хай бакодтон, фæнык æй фестын
кодтон æмæ уыцы фæнык, хохы сæрæй цы
дон цыд, уым бакалдтон.
22Таверайы дæр, Массайы дæр æмæ Кив-
рот-Хаттавайы дæр сымах мæсты кодтат
Дунедарæджы. 23Дунедарæг уæ Кадеш-Бар-
неайæ куы рарвыста, цæут æмæ уын цы
бæстæ дæттын, уый уæхи бакæнут, зæгъгæ,
уæд Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, коммæ
нæ бакастыстут, нæ Йыл бауæндыдыстут
æмæ Йын Йæ фæндон нæ сæххæст кодтат.
24Куы уæ зонын, уæдæй нырмæ нæ кæсут
Дунедарæджы коммæ!
25Дунедарæджы раз ныддæлгом дæн зæх-
хыл; дыууиссæдз боны æмæ дыууиссæдз
æхсæвы арвыстон дæлгоммæ хуысгæйæ,
уымæн æмæ уæ Дунедарæг сафынил ныл-
лæууыд. 26Дунедарæгæн лæгъстæ кодтон
æмæ куывтон: „О Дунедарæг Хуыцау, ма
бабын кæн Дæ адæмы — Дæ исбон! Ды сæ
фервæзын кодтай, барджын кæй дæ, уый
фæрцы, Дæ хъомысджын къухæй сæ ракод-
тай Мысырæй. 27Дæ цагъартæ Авраам, Исаак
æмæ Йаковы хатырæй фæгæдзæ кæн ацы
æнæсæттон адæмæн, сæ азым æмæ сын сæ
тæригъæдтæ ныббар, 28цæмæй, Дæ хъомы-
сы руаджы кæцæй раирвæзтыстæм, уыцы
бæстæйы цæрджытæ ма зæгъой: ‚Дунедарæг
сын зæрдæ цы бæстæй бавæрдта, уырдæм
бакæнын сæ Йæ бон не сси. Æнæуынон Ын
уыдысты, æмæ сæ кæнгæ дæр уымæн ра-
кодта, цæмæй сæ æдзæрæг быдыры амара‘.
29Дæ адæм куы сты, Дæ исбон, Дæ арм кæуыл
дардтай æмæ Де стыр хъомысы руаджы кæй
фервæзын кодтай, уыдон“.

**10** Уæд мын Дунедарæг загъта: „Рацæгъд
дæхицæн дыууæ къæйдуры, фыццæгты ху-
ызæн. Хохмæ Мæм ссу æмæ хъæдæй Чырын
сараз. 2Къæйдуртыл Æз ногæй ныффыс-
дзынæн, кæй асастай, уыцы къæйдуртыл
цы ныхæстæ фыст уыди, уыдон, æмæ сæ
ды Чырыны нывæрдзынæ“. 3Æз акъацийæ
Чырын сарæзтон, фыццæгты æнгæс дыууæ
къæйдуры рацагътон æмæ, къæйдуртæ мæ
къухты, афтæмæй ссыдтæн хохмæ. 4Дунеда-
рæг та сыл ногæй ныффыста, æмбырды бон
уæм хохы сæр арты хуылфæй цы Дæс фæ-
дзæхсты радзырдта, уыдон æмæ мæм сæ рад-
та. 5Хохæй рараст кодтон, æрцыдтæн æмæ
къæйдуртæ, Дунедарæг мын куыд загъта,
афтæ Чырыны бафснайдтон. 6Израилæгтæ
та Беерот-Бене-Йааканæй Мосерамæ араст
сты. Аарон уым амард, æмæ йæ уыцы ран
баныгæдтой. Йæ бæсты сауджын сси йæ
фырт Елеазар. 7Уырдыгæй араст кодтой Гуд-
годамæ, дарддæр та — донарæх Иотватамæ.
8Уыцы рæстæджы Дунедарæг Левийы мыг-
гаджы фæхицæн кодта, цæмæй Фидыды
Чырын хæссой, Дунедарæджы раз уой æмæ
Йын лæггад кæной; цæмæй Йæ номæй адæ-
мæн арфæ кæной. Уый абоны онг дæр афтæ
у. 9Уымæн нæ бахаудта уæрсты Левийы мыг-
гаг, æмæ йын йе ’фсымæрты æмрæнхъ уый
тыххæй нæй хай. Дунедарæг Йæхæдæг у йæ
хай, Дунедарæг, уæ Хуыцау, уымæн зæрдæ
куыд бавæрдта, афтæ.
10Хохы сæр та кæддæрау дыууиссæдз боны
æмæ дыууиссæдз æхсæвы арвыстон æмæ
та мын ацы хатт дæр айста мæ куывд Ду-
недарæг — нæ Йæ бафæндыд уæ фесафын.
11Дунедарæг мын загъта: „Сыст æмæ ацы
адæмы дæ фæдыл ахон. Фæцæуæнт æмæ
сæхи бакæнæнт, сæ фыдæлтæн сын, сомы
ракæнгæйæ, зæрдæ цы бæстæй бавæрд-
тон, уый“.
12Уæдæ ма мын зæгъут ныр сымах, изра-
илæгтæ, цы уæ агуры Дунедарæг, уæ Хуы-
цау? Æрмæстдæр уый, цæмæй Дунедарæгæй,
уæ Хуыцауæй, тæрсат æмæ Йын кад кæнат,
кæддæриддæр Йæ фæдыл цæуат, уарзат Æй,
Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн, зæрдæбынæй
æмæ удуæлдайæ лæггад кæнат; 13уæ фар-
ны сæраппонд уын абон кæй кой кæнын,
Дунедарæджы уыцы фæдзæхстытæ æмæ
уагæвæрдтæ æххæст кæнат. 14Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы, сты арв дæр æмæ уæларв дæр,
зæхх дæр æмæ, зæххыл цы ис, уыдон дæр,
15фæлæ æрмæст уæ фыдæлтæ фесты Ду-
недарæгæн адджын, æмæ æппæт адæмты
’хсæн равзæрста сымах, сæ байзæддæгты.
Уый абоны онг дæр афтæ у. 16Уæдæ сунæт
скæнут уæ зæрдæтæн æмæ амæй фæстæмæ
уæхи фæнд мауал тæрут. 17Уымæн æмæ Ду-
недарæг, уæ Хуыцау, хуыцæутты Хуыцау у,
хицæутты Хицау; хъулон ми Чи нæ зоны æмæ
гæртам Чи нæ исы, уыцы хъомысджын æмæ
тасæфтауæг стыр Хуыцау. 18Уый хъахъхъæны
сидзæр æмæ идæдзы бартæ; уарзы æрцæуæг-
гаджы æмæ йын къæбæр æмæ дарæс дæтты.
19Макуы атигъ кæн дæхи æрцæуæггагыл,
уымæн æмæ уæхæдæг дæр æрцæуæггæгтæ
уыдыстут Мысыры. 20Дунедарæджы, дæ
Хуыцауы, уарз, тæрс Дзы æмæ Йын лæггад
кæн, дæхи Йыл бафæдзæхс æмæ Йын Йæ
номæй ард хæр. 21Уый дæ кад у, дæ Хуыцау,
дæ цæстыты раз дæу тыххæй уыцы стыр

æмæ тасæфтауæг диссæгтæ Чи сарæзта, Уый.
22 Дæс æмæ æртиссæдз уыдысты дæ фыдæл-
тæ, Мысырмæ куы фæхаудтой, уæд, ныр та
дын Дунедарæг, дæ Хуыцау, дæ мыггаг арвы
стъалытау сбирæ кодта.

**11** Уæдæ уарз Дунедарæджы, дæ Хуыцауы,
кæддæриддæр Ын æххæст кæн Йæ домæнтæ,
макуы ахиз Йе 'гъдæуттæ, Йæ уагæвæрдтæ
æмæ Йæ фæдзæхстыты сæрты. 2 Мæ ныхæс-
тæ уæ цоты 'рдæм арæзт не сты — уыдон нæ
зонынц æмæ нæ федтой Дунедарæджы, уæ
Хуыцауы, æфхæрд, Йе стырад, Йæ хъомыс-
джын къух æмæ Йæ цонджы хъару; 3 Мысыры
цы æвдисæйнæгтæ равдыста æмæ цы хъуыд-
дæгтæ сарæзта; фараонæн, Мысыры паддза-
хæн, æмæ æппæт бæстæйæн цытæ бакодта;
4 Мысыры æфсад уæ фæсте куы расырдта,
уæд сæ æд бæхтæ æмæ æд уæрдæттæ Сырх
денджызы куыд фæдæлдон æмæ куыд бабын
кодта, уыдæттæ; абоны онг сæ кой дæр нал
ис. 5 Цалынмæ ардæм цыдыстут, уæдмæ уын
Уый æдзæрæг быдыры цытæ бавзарын кодта!
6 Рувимы мыггагæй Елиавы фыртты, Датан
æмæ Авирамы, куыд байсæфта! Фæйнæр-
дæм фæцыди зæхх æмæ сæ 'ппæт Израилы
раз æд бинонтæ, æд цатыртæ, æд фос æмæ
æд исбон аныхъуырдта. 7 Уæхи цæстытæй
федтат сымах, Дунедарæг цы стыр хъуыд-
дæгтæ сарæзта, уый. 8 Уæдæ афтæ: æз уын
кæй дзурын, Дунедарæджы æппæт уыцы
фæдзæхстытæ æххæст кæнут, цæмæй сфидар
уат æмæ, уæхи йæ бакæнынмæ цы бæстæм
цæут, уый уæхи бауа; 9 цæмæй, Дунедарæг
кæмæй расомы кодта, уæ фыдæлтæн æмæ йæ
сæ байзæддагæн ратдзынæн, зæгъгæ, æхсыр
æмæ мыд кæцæй хъары, уыцы зæххыл бирæ
фæцæрат. 10 Уымæн æмæ, уæхи бакæнынмæ
цы бæстæм цæут, уый, кæцæй рацыдыстут,
уыцы Мысыры хуызæн нæу. Уым-иу мыггаг
байтыдтат зæххы æмæ-иу, ууыл цæхæра-
донау дон кæнгæйæ, уæ къæхтæ ахаудтой.
11 Уæхи бакæнынмæ цы бæстæм цæут, уый
у хæхтæ æмæ дæлвæзты бæстæ, æрвон æр-
тæхæй сæтты йæ дойны. 12 Уыцы бæстæйыл
Дунедарæг, уæ Хуыцау, ауды æппынæдзух.
Дунедарæг, уæ Хуыцау, афæдзы райдайæнæй
йæ кæронмæ уымæ Йæ цæст дары.
13 Мæ фæдзæхстытæ Мын куы æххæст кæ-
нат, абон уын кæй хъусын кæнын, уыдон,
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, куы уарзат, зæр-
дæбынæй æмæ Йын удуæлдайæ лæггад куы
кæнат, 14 уæд Æз йæ афоныл — уалдзæг дæр
æмæ фæззæг дæр — уæ бæстæйæн къæвдайы
æртах дæтдзынæн, æмæ уæм уыдзæни хор,
сæн æмæ оливæйы сой. 15 Æз уын уæ быдыр-
ты уæ фосæн кæрдæг æрзайын кæндзынæн,
æмæ æххормаг никуы уыдзыстут.
16 Уæ зæрдæ уæ ма асайæд, ма адзæгъæл
ут æмæ æндæр хуыцæуттæн лæггад кæ-
нын æмæ сын кувын ма райдайут. 17 На-
уæд уæм Дунедарæджы маст ссудздзæн,
æмæ уæлæрвтæ гуыдырæвæрд скæндзæни,
къæвдайы æртах нал æруадздзæни. Зæхх
тыллæг нал ратдзæн, æмæ тагъд рæстæджы
цагъды фæуыдзыстут, Дунедарæг уын кæй
дætты, уыцы алæмæты бæстæйы. 18 Уæдæ
уын абон кæй фæдзæхсын, уыцы ныхæс-
тæ уæ зæрдæйы арф бавæрут, алкæддæр
уæнт уæ хъуыдыйы. Уæ къухыл сæ фæнысан
кæнут, уæ ныхыл сæ бабæттут. 19 Дзурут
æмæ сæ дзурут уæ цотæн, фæлхат сæ кæнут
хæдзары дæр æмæ фæндагыл дæр, æхсæв
æрхуысгæйæ дæр æмæ райсомæй растгæ-
йæ дæр. 20 Ныффыссут сæ уæ хæдзæртты
уæлкъæсæртыл æмæ уæ сахары кулдуарыл.
21 Цæмæй, цалынмæ зæххы сæрмæ арв уа,
уæдмæ, Дунедарæг уæ фыдæлтæн зæрдæ
цы зæххæй бавæрдта, ууыл сымах дæр æмæ
уæ тъымы-тъыма дæр цæра.
22 Æз уын кæй дзурын, Дунедарæджы æп-
пæт уыцы фæдзæхстытæ бæстон куы æххæст
кæнат, куы Йæ уарзат, кæддæриддæр Йæ
фæндæгтыл куы цæуат æмæ Йыл иузæрдион
куы уат, 23 уæд Уый уæ цурæй ацы адæмты се
'ппæты дæр фæсурдзæн, уæд басæтдзыстут,
нымæцæй дæр æмæ хъаруйæ дæр кæй не
'ййафут, уыцы адæмты. 24 Уæ къах кæмдæ-
риддæр æрæвæрат — сымах уыдзæн: æдзæ-
рæг быдырæй Ливанмæ, Евфраты донæй
Зæххастæуы денджызы онг аххæсдзысты
уæ зæххытæ. 25 Ничи фæлæудзæн уæ ныхмæ.
Дунедарæг, уæ Хуыцау, зæрдæ уын куыд
бавæрдта, афтæ; тас æфтаудзæн, кæдæм ба-
цæуат, уыцы бæстæтæй алкæуыл дæр, æмæ
æмризæджы риздзысты уæ разы.
26 Уæхимæ кæсут: абон мæнмæ сымахæн
ис арфæ æмæ æлгъыст. 27 Куыд уын дзурын,
афтæ Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, фæдзæхс-
тытæм куы хъусат, уæд — арфæ. 28 Æлгъыст —
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, фæдзæхстытæм
куынæ байхъусат, абон уын æз цы фæндаг
амонын, уымæй куы фæзилат æмæ, кæй нæ
зыдтат, уыцы æндæр хуыцæутты фæдыл
куы ацæуат, уæд.
29 Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымах, цы бæс-
тæ байсынмæ цæут, уырдæм куы бакæна,
уæд арфæйы ныхас зæгъут Геризимы хохыл,
æлгъысты ныхас — Эвалы хохыл. 30 (Уыцы
хæхтæ Иорданы фале сты, ныгуылæнмæ

фæндагыл, Аравæйы æдзæрæг быдыры чи
цæры, уыцы ханаанæгты бæстæйы, Гил-
галы бакомкоммæ, Морейы тулдзты цур.)
31Уымæн æмæ сымах Иорданы сæрты хизут,
цæмæй уын Дунедарæг, уæ Хуыцау, исбонæн
кæй дætты, уыцы бæстæ уæхи бакæнат. Уæ-
хи йæ бакæндзыстут æмæ дзы æрцæрдзыс-
тут, 32фæлæ-иу бæстон æххæст кæнут, абон
уын кæй хъусын кæнын, уыцы уагæвæрдтæ
æмæ æгъдæуттæ.

**12** Мæнæ сты, Дунедарæг, уæ фыдæлты
Хуыцау, сымахæн цы бæстæ дætты, уым
цæргæбонты бæстон кæй хъуамæ 'ххæст
кæнат, уыцы фæтк æмæ уагæвæрдтæ. 2Кæй
басæтдзыстут, уыцы адæмты кувæн бы-
нæттыл, сæ хуыцæутты кувæндæттыл
кæмдæриддæр бамбæлат — бæрзонд хæх-
тыл уа, къуыбыртыл æви алы къæбузджын
бæласы бын — ныффалгæрон-иу сæ кæ-
нут. 3Сæ нывондхæссæнтæ сын ныппырх
кæнут, табуйаг дурцæджындзтæ афадут,
Ашерæйы цæджындзтæ арты хай бакæнут,
сæ гуымирытæ сын ныззыгуым кæнут, сæ
кой дæр куыннæуал баззайа уыцы рæтты.
4Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн, æппындæр
ахæмæй мацы аразут. 5Уæ мыггæгтæй иуы
зæххыл Дунедарæг, уæ Хуыцау, Йæхицæн
бынат равзардзæн. Уыцы бынат уыдзæни Йæ
номыл, æмæ-иу уырдæм цæут. 6Уырдæм-иу
хæссут уæ иууылсудзинаг нывæндтæ æмæ
уæ кусæрттæгтæ, уæ исбонæй алцæмæн
дæр йæ дæсæймаг хай æмæ уæ хуынтæ, уæ
ардбахæрды æмæ уæ бархийы нывæндтæ,
уе стурты æмæ уæ фысвосы сæртæ. 7Минас
кæнут уым Дунедарæджы, уæ Хуыцауы раз,
æмæ цин кæнут уæ бинонтимæ, Дунедарæг,
уæ Хуыцау, сымахæн цы къухты фæллой
ратта, уыл. 8Ныртæккæ сымах, кæмæ уæ
куыд растдæр кæсы, афтæ кæнут, фæлæ
уым хъуамæ ма кæнат афтæ. 9Нырма нæ
бацыдыстут, Дунедарæг, уæ Хуыцау, сыма-
хæн кæй дætты, уыцы æнцойады бынатмæ,
уæ зæххы хаймæ. 10Фæлæ Иорданы фаллаг
фарсмæ куы ахизат æмæ уын Дунедарæг,
уæ Хуыцау, исбонæн цы бæстæ дætты, уым
куы æрбынат кæнат, куы уæ фервæзын кæ-
на Уый уæ алыварс знæгтæй æмæ æдасæй
цæрын куы райдайат, 11уæд-иу, Дунедарæг,
уæ Хуыцау, Йæхæдæг кæй равзара æмæ Йæ
номы аккаг кæй скæна, уыцы бынатмæ сæм-
бæлын кæнут, цы уын фæдзæхсын, уыдон
иууылдæр: уæ иууылсудзинаг нывæндтæ
æмæ уæ иннæ кусæрттæгтæ, уæ исбонæй
алцæмæн дæр йæ дæсæймаг хай æмæ уæ
къухвæллойы æппæт хуынтæ, Дунедарæгæн
æй ратдзынæн, зæгъгæ, цæмæйдæриддæр
загътат, уыдон. 12Æмæ-иу цин кæнæнт уемæ
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы раз, уæ фырттæ
æмæ уæ чызджытæ, уæ цагъартæ сылгойма-
гæй, нæлгоймагæй æмæ, уе 'хсæн зæххæй
дæр æмæ исбонæй дæр хай кæмæн нæй, уы-
цы левиттæ. 13Уæхи хъахъхъæнут, уæ зæрдæ
уæ цы ран скъуыра, уым уæ иууылсудзинаг
нывæндтæ ма хæссут. 14Уæ мыггæгтæй иуы
зæххыл цы бынат равзара Дунедарæг, уæ
Хуыцау, уым-иу хæссут уæ иууылсудзинаг
нывæндтæ æмæ-иу, цыдæриддæр уын фæ-
дзæхсын, уыдæттæ кæнут. 15Фæлæ уын бар
ис, Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, хорзæхы
руаджы уæм цы фос уа, уымæй, уæ зæрдæ
кæд зæгъа, уæд уæ алы сахары дæр аргæв-
дын. Уыцы дзидзайæ, сæгуыт æмæ фысы
фыдау, хæрыны бар ис сыгъдæг адæймагæн
дæр æмæ, йæхи чи фæчъизи кодта, уымæн
дæр. 16Фæлæ туджы хъæстæ ма фæкæнут
уæхи, зæхмæ-иу æй акалут донау. 17Дæ хоры
сæртæ, дæ сæны æмæ оливæйы сойы дæ-
сæймаг хæйттæ, де стурты æмæ фысвосы
сæртæ, снывонд кæныны охыл цæмæйдæ-
риддæр дзырд радтай, бархийы нывонд уа
æви хуын, бахæрыны бар дын æй нæй дæ
сахары. 18Хæр сæ æрмæстдæр Дунедарæджы,
дæ Хуыцауы раз, Дунедарæг, дæ Хуыцау, цы
бынат равзæрста, уым, демæ — дæ цот, чыз-
гæй, лæппуйæ, дæ цагъартæ нæлгоймагæй,
сылгоймагæй æмæ дæ сахары цæрæг левит-
тæ. Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, раз райæд
дæ зæрдæ дæ къухвæллойæ. 19Хъусыс, дæ
зæххыл куы æрцæрай, уæд макуы ныууадз
рохуаты левиты.

20Дунедарæг, дæ Хуыцау, зæрдæ дын куыд
бавæрдта, афтæ дæ арæнтæ куы ныппара-
хат кæна, уæд-иу, кæд дæ бафæнда, уæд
хæр фыдызгъæл, цас дæ хъæуа, уый бæрц.
21Дунедарæг, дæ Хуыцау, Йæ номыл цы бы-
нат равзæрста, уый дæм дард куы уа, уæд,
куыд дын загътон, афтæ дæхи сахары аргæвд,
Дунедарæг, дæ Хуыцау, дæуæн цы стуртæ
æмæ фысвос радта, уыдонæй æмæ хæр дæ
фаг. 22Æрмæст сæ хæр, сæгуыт æмæ фысы
фыд куыд хæрынц, афтæ. Сыгъдæгæн æмæ
дзы, чи фæчъизи ис, уымæн дæр хæрыны бар
ис. 23Фæлæ туджы хъæстæ ма фæкæн дæхи,
уымæн æмæ туг цард у, æмæ йæ ма бахæр
фыдызгъæлимæ. 24Ма йæ бахæр! Донау æй
акал зæхмæ. 25Ма йæ бахæр æмæ æнæмаст
уыдзынæ дæхæдæг дæр, стæй дæ байзæд-
дæгтæ дæр, уымæн æмæ дæ хъуыддæгтæ
Хуыцауæн æхсызгон уыдзысты. 26Дæ уаз

хуынтæ æмæ дæ фидыды нывæндтимæ та
дын, Дунедарæг кæй равзæрста, уыцы бы-
натмæ цæугæ у. 27Дæ иууылсудзинаг ны-
вæндтæ, æд фыд æмæ æд туг, Дунедарæджы,
дæ Хуыцауы, нывондхæссæныл судзгæ сты.
Дæ иннæ нывæндты туг-иу акал Дунедарæ-
джы, дæ Хуыцауы, нывондхæссæны раз, дзи-
дза та хæр. 28Лæмбынæг æрбайхъус æмæ-иу
бæстон æххæст кæн, кæй дын фæдзæхсын,
æппæт уыдæттæ, цæмæй дæхæдæг дæр æмæ
дæ байзæддаг дæр æнæмаст уой, Дунедарæ-
гæн, дæ Хуыцауæн, æхцон æмæ фæндон цы
у, уыдæттæ куы кæнай, уæд.
29Ды басæттынмæ кæмæ цæуыс, уыцы
адæмты Дунедарæг, дæ Хуыцау, куы ныц-
цæгъда, куы сæ басæттай æмæ сын сæ
зæххыл куы æрбынæттон уай, 30дæ разы
бынсæфт куы фæуой, уæд-иу дæхи хъахъ-
хъæн: къæппæджы бахаудзынæ, уыдоны
куы бафæзмай æмæ, ацы адæмтæ сæ хуы-
цæуттæн куыд лæггад кодтой, æз дæр афтæ
кæндзынæн, зæгъгæ сын сæ хуыцæутты
куы бацагурай, уæд. 31Ды Дунедарæгæн,
дæ Хуыцауæн, афтæ ма кæн: Дунедарæг
цæуылдæриддæр æлгъ кæны æмæ Йын цы-
дæриддæр æнæуынон у, уыдæттæ уыдон сæ
хуыцæуттæн кодтой; суанг ма сæ фырттæ
æмæ сæ чызджыты дæр арты сыгътой сæ
хуыцæутты номыл. 32Цыдæриддæр уын
фæдзæхсын, уыдон, æппаргæ дæр æмæ сæм
æфтаугæ дæр мацы бакæнут, афтæмæй бæс-
тон æххæст кæнут.

**13** Дæ адæмы ’хсæн пехуымпар кæнæ
фынтæхалæг куы фæзына æмæ дын исты
æвдисæйнаг кæнæ диссаг куы равдиса, 2йæ
ныхæстæ куы ’рцæуой, æмæ дæ стæй, кæй
никуы зыдтай, ахæм хуыцæутты фæдыл
цæуын æмæ сын лæггад кæныныл куы ар-
дауа, 3уæд уыцы пехуымпар кæнæ фынтæ-
халæгмæ ма хъус — уый уæ Дунедарæг, уæ
Хуыцау, фæлваргæ кæны, æппæт зæрдæйæ
æмæ æппæт уды хъаруйæ Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы, уарзут æви нæ, уый базоны-
нæн. 4Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, фæдыл
цæут, Уымæй тæрсут, Йæ фæдзæхстытæ Йын
æххæст кæнут æмæ Йæм хъусут, лæггад Ын
кæнут æмæ Йыл иузæрдион ут. 5Уыцы пе-
хуымпар кæнæ фынтæхалæг та маринаг у —
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, Мысырæй уæ Чи
ракодта æмæ уæ цагъарадæй Чи фервæзын
кодта, Уый ныхмæ кæй ралæууыд æмæ уæ
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, фæндагæй иу-
варс кæй здæхта, уый тыххæй. Фесафут уе
’хсæнæй фыддзинад!
6Дæ хæрз æфсымæр дæ куы ардауа сусæ-
гæй, дæ фырт, дæ чызг, дæ уарзон бинойнаг
кæнæ дын дæ адджын æмбал куы дзура, цом
æмæ лæггад кæнæм, дæхæдæг дæр æмæ дæ
фыдæлтæ дæр кæй нæ зыдтой, уыцы хуы-
цæуттæн, 7зæххы цъарыл дæм дард кæнæ
æввахс чи цæры, уыцы адæмты хуыцæут-
тæн, — 8ма сразы у йемæ, ма йæм хъус, ма
йын тæригъæд кæн, ма йыл ауæрд æмæ йæ
ма раст кæн. 9Амар æй! Фыццаг цæф ыл дæхи
къухæй æрцæуæд, уый фæстæ та йæ цæвæнт
иннæ адæм! 10Дурты бын æй фæкæнут, куыд
амæла, афтæ, уымæн æмæ уæ уый ардыдта
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, уацарæй уæ
Чи ракодта Мысырæй, Уый ныууадзыныл.
11Ӕгас Израил фехъусдзысты уыцы хабар,
тас сыл бахæцдзæн, æмæ ахæм ми ничиуал
бакæндзæн уе ’хсæн.
12-13Дунедарæг, Дæ Хуыцау, дæуæн цæры-
нæн кæй радта, уыцы сахартæй искæцыйы
тыххæй куы фехъусай, æнæхуыцæуттæ дзы
фæзынд æмæ йын йæ цæрджыты галиу фæн-
дагмæ аздæхтой, цом æмæ, кæй нæ зыдтат,
æндæр ахæм хуыцæуттæн лæггад кæнæм,
зæгъгæ, 14уæд хъуамæ хъуыддаг сбæрæг
кæнай, лыстæг æрфæрсай æмæ алцыдæр
бæлвырд базонай. Кæд æцæг разына, æмæ,
уе ’хсæн ахæм æлгъаг ми æрцыд, уый сбæрæг
кæнай, 15уæд сахары æппæт цæрджыты дæр
ныццæгъд, æгас сахар æлгъыстаг фæкæн,
æд ис, æд бис, суанг фосы дæр-иу карды
амæттаг бакæн. 16Йæ фæллой йын фæзы
астæумæ æрæмбырд кæн æмæ йæ басудз
иууылдæр — Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн,
иууылсудзинаг нывондæн. Сахар мыггагмæ
хæлддзæгты кæри фестæд æмæ ногæй арæзт
макуыуал æрцæуæд. 17Мацы баззайæд дæ
къухы уыцы æлгъыстаг фæллойæ, цæмæй
дæм Дунедарæгæн Йæ маст ма ссудза, Йæ
хорзæх дын ратта æмæ, дæ фыдæлтæн куыд
расомы кодта, афтæ дын дæ мыггаг сбирæ
кæна. 18Афтæ уыдзæни, Дунедарæджы, дæ
Хуыцауы, ныхасмæ куы хъусай, абон дын
кæй хъусын кæнын, уыцы фæдзæхстытæ
куы æххæст кæнай æмæ Дунедарæгæн, дæ
Хуыцауæн, æхсызгон цы у, уыдæттæ куы
кæнай, уæд.

**14** Сымах Дунедарæджы, уæ Хуыцауы,
байзæддаг стут æмæ сау дарыны нысанæн
ма лыгтæ кæнут уæ буар, уæ ныхы сæрмæ
булкъдаст ма кæнут уæ хил. 2Уымæн æмæ
сымах стут Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, уаз
адæм, зæххы цъарыл æппæт адæмты ’хсæн
Йæхицæн æрмæст сымах равзæрста.

3 Ælгъаг цы у, ахæмæй мацы хæр. 4 Цы цæ-
рæгойты фыд дын æмбæлы хæрын, уыдон
сты: стур, фыс, сæгъ, 5 саг, сугъахъ, сæгуыт,
сычъи, хъæддаг сæгъ, антилопæ æмæ дзæ-
бидыр. 6 Сынæр чи цæгъды, уыцы саджил-
сæфтæг фосæй дын алкæй фыд дæр хæрыны
бар ис. 7 Сынæр чи цæгъды, уыцы фосæй уын
нæфæтчиаг сты теуа, тæрхъус æмæ даман:
уыдон сынæр цæгъдынц, фæлæ саджил-
сæфтæг не сты. 8 Хуы дæр æнæсыгъдæг у
сымахæн, уымæн æмæ уый саджилсæфтæг у,
фæлæ сынæр нæ цæгъды. Сæ фыд дæр сын ма
хæрут æмæ сын сæ мардмæ дæр ма æвналут.
9 Доны цæрæгойтæй уын хæрæн ис æр-
мæстдæр, ленкгæнæнтæ æмæ хæрв кæуыл
ис, уыдоны фыд. 10 Ленкгæнæнтæ æмæ хæрв
кæуыл нæй, уыдоны фыд та сыгъдæг нæу
æмæ нæфæтчиаг у сымахæн.
11 Алыхуызон сыгъдæг мæргъты дзидза
хæрут. 12 Мæргътæй уын хæрын кæй фыд не
'мбæлы, уыдон сты: цæргæс, хъæрццыгъа,
саубоцъо цæргæс; 13 уарийы, цъиусуры мыг-
гагæй цы ис, уыдон; 14 халоны мыггагæй цы
ис, уыдон; 15 страус, уыг, кæсагдзау; хъæрц-
цыгъайы мыггагæй цы ис, уыдон; 16 сидахъхъ,
ибис, доныхъаз; 17 уыг, хъыргъы, денджызы
сынт; 18 къадз; кæсагласы мыггагæй цы ис,
уыдон; дыгоппон; хæлынбыттыр. 19 Тæхаг
сасчы мыггагæй цы ис, уыдон сыгъдæг не
сты. Нæфæтчиаг сты сымахæн. 20 Цыфæнды
сыгъдæг маргъы фыд дæр уын хæрæн ис.
21 Хæдмæл дзидза ма хæрут. Уæ сахары чи
æрцард, уыцы æрцæуæггæгтæн-иу æй рат-
тут, уыдон æй хæрæнт, науæд-иу æй ауæй
кæнут æцæгæлæттæн, уымæн æмæ сымах
уаз адæм стут Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн.
Ма фыц сæныччы мард йæ мады æхсыры.
22 Дæ хуымы тыллæгæн-иу æрвылаз йæ
дæсæймаг хай рахицæн кæн 23 æмæ йæ Ду-
недарæг, дæ Хуыцау, Йæ номыл цы бынат
равзæрста, уым бахæр: дæ хор, дæ сæн æмæ
оливæйы сойæн сæ дæсæймаг хæйттæ, де
стурты æмæ дæ фысвосы сæртæ. Æдзухдæр
дæ хъуыдыйы уæд Дунедарæг, дæ Хуыцау,
æмæ дæ зæрдæйæ ма хицæн кæнæд Йæ тас.
24 Кæд æмæ дæм, Дунедарæг, дæ Хуыцау,
Йæ номыл цы бынат равзæрста, уый дард у
æмæ дын æппæт уыдæттæ уырдæм фæхæс-
сын зын у, уæд Дунедарæджы, дæ Хуыцауы,
фæндæй, 25 баив æппæт уыдон æвзистыл
æмæ уыцы æвзист демæ ахæсс, Дунедарæг,
дæ Хуыцау, цы бынат равзæрста, уырдæм.
26 Æмæ балхæн уыцы æвзистæй, дæ зæрдæ
цыдæриддæр зæгъа, уыдæттæ: стуртæ æмæ
фысвос, сæн æмæ бæгæны, цы дæ фæнда,
уый æмæ цæл кæн уым Дунедарæджы, дæ
Хуыцауы раз, де 'ппæт бинонтимæ. 27 Фæлæ
дæ уыцы рæстæг ма ферох уæд дæ сахары
цæрæг левит: уымæн, дæуæй хъауджыдæр,
нæй зæххы хай дæр æмæ исбон дæр.
28 Дæуæн æртæ азæй æртæ азмæ дæ афæ-
дзы тыллæджы дæсæймаг хай сахары кулд-
уæртты размæ хæсгæ у. 29 Цæмæй æрбацæуой
æмæ сæхи бафсадой, дæуæй хъауджыдæр
зæхх æмæ исбонæй хай кæмæн нæй, уыцы
левиттæ, дæ цуры цæрæг æрцæуæггаг, идæдз
æмæ сидзæр, æмæ ды та дæ алы хъуыдда-
джы дæр арфæгонд уай Дунедарæгæй, дæ
Хуыцауæй.

**15** Алы æвдæм аз дæр-иу, хæс дæ чи дары,
уымæн йæ хæс ныххатыр кæн. 2 Ома хæс куы
раттай, уæд æй, Дунедарæджы хатырæй, де
'фсымæрæй нæ, фæлæ æндæр искæмæй дæр
фæстæмæ мауал бацагур. 3 Æрцæуæггаджы,
дæ бон у, æмæ дæ хæсы тыххæй батыхсын
кæнай, фæлæ йæ де 'фсымæрæн ныббар.
4 Уæвгæ уæм мæгуыртæ хъуамæ ма уа,
уымæн æмæ арфæгонд уыдзыстут Дуне-
дарæгæй, уæхи йæ бакæнут, зæгъгæ уын
Дунедарæг, уæ Хуыцау, исбонæн кæй дætты,
уыцы зæххыл. 5 Æрмæст Дунедарæгмæ, уæ
Хуыцаумæ, хъусут æмæ-иу, абон уын цы
зæгъын, уыдон иууылдæр æххæст кæнут.
6 Зæрдæ уын куыд бавæрдта, афтæ уæ Дуне-
дарæджы, уæ Хуыцауы, хорзæх куы уа, уæд
бирæ адæмтæн æфстау дæтдзыстут, уæхи та
æфстау райсыны сæр никуы бахъæудзæн;
сымах бирæ адæмтæн хицауиуæг кæндзыс-
тут, уыдон та уын хицауиуæг нæ кæндзысты.
7 Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн кæй
дætты, уыцы бæстæйы сахартæй искæцы-
йы де 'фсымæртæй исчи мæгуыр у, зæгъгæ,
уæд дæ зæрдæ ма ныддур кæн æмæ йын
йæ размæ афтид арм ма дар. 8 Дзагармæй
æрбалæуу дæ тыхст æфсымæры фарсмæ
æмæ йын, хъуаг цæмæй æййафы, уый ратт
æфстау. 9 Æвдæм аз, хæстæ барыны аз, æр-
бахæццæ кæны, зæгъгæ, уæд æнаккаг хъу-
ыды ма бахъуызæд дæ зæрдæмæ æмæ дæ
мæгуыр æфсымæрыл дæхи ма атигъ кæн:
йæ дзыназын Дунедарæгмæ фехъуысдзæн,
æмæ тæригъæды бацæудзынæ. 10 Цас дæ ку-
ры, уый бæрц ын зæрдæхæларæй ратт, æмæ
Дунедарæгæй, Дæ Хуыцауæй, арфæгонд уы-
дзæни дæ алы хъуыддаг, дæ алы куыст дæр.
11 Бæстæйы кæддæриддæр мæгуыр адæм
уыдзæни, æмæ дын уымæ гæсгæ фæдзæхсын
æз: рæдаукъух у де 'фсымæрæн, дæ бæстæйы
цæрæг æфхæрд æмæ мæгуырæн.

12Дæхи адæмæй исчи, дзуттаг нæлгоймаг
кæнæ дзуттаг сылгоймаг, дæ цагъар куы суа,
уæд дын æхсæз азы фæкусæд, æвдæм аз та
йæ ссæрибар кæн. 13Куы йæ сæрибар кæнай,
уæд та йæ афтидармæй ма ауадз. 14Схай йын
кæн, цы дæ бон у, уый дæ фосæй, дæ мусæй,
дæ сæнæй; схай йын кæн, Дунедарæджы,
дæ Хуыцауы, фæрцы дæм цыдæриддæр ис,
уымæй. 15Рох дæ ма уæд, ды дæр Мысыры
цагъар кæй уыдтæ æмæ дæ Дунедарæг, дæ
Хуыцау, уацарæй кæй фервæзын кодта, уый.
Абон дын уыдæттæ дæр уымæн фæдзæхсын.
16Дæхи дæр æмæ дын дæ бинонты дæр куы
бауарза æмæ дын куы зæгъа, нæ цæуын,
мæнæн сымахмæ хорз у, зæгъгæ, 17уæд райс
туас, йæ хъус ын дуармæ балхъив æмæ йын
æй туасæй фæхуынкъ кæн, цæмæй дæм цæр-
гæбонты цагъарæй баззайа. Афтæ кæнгæ
у сылгоймаг цагъарæн дæр. 18Дæ цагъары
кæй сæрибар кæныс, ууыл ма маст кæн:
уый дын æхсæз азмæ дыууæ æхххуырстæй
фылдæр пайда æрхаста, Дунедарæгæй та,
дæ Хуыцауæй, арфæгонд уыдзæн дæ алы
хъуыддаг дæр.

19Де стуртæ æмæ дæ фысвосæн сæ фыц-
цаг цæуæт кæддæриддæр нывонд кæн Ду-
недарæгæн, дæ Хуыцауæн. Фыццаг гайлаг
кусынæн нæу, фыццаг фыры æлвынæн нæй.
20Дунедарæджы, дæ Хуыцауы раз сæ хæр
алы аз дæ бинонтимæ, Дунедарæг цы бынат
равзара, уым.

21Фос къуылых, куырм кæнæ æндæр ис-
ты сахъат у, зæгъгæ, уæд æй Дунедарæгæн,
дæ Хуыцауæн, нывондæн ма æрхæсс. 22Дæ
сахары йæ хæр. Уыцы дзидзайæ, сæгуыт
æмæ фысы фыдау, хæрыны бар ис сыгъдæг
адæймагæн дæр æмæ, йæхи чи фæчъизи
кодта, уымæн дæр. 23Æрмæст ын йæ тугæй
макуы фæхъæстæ кæнут уæхи, зæхмæ-иу
æй акалут донау.

**16** Дæ зæрдыл дар авивы мæй æмæ бæрæг
кæн Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, Куадзæн:
авивы мæйы дæ æхсæвыгон ракодта Дуне-
дарæг, дæ Хуыцау, Мысырæй. 2Куадзæны-иу
Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн, стурвос кæнæ
фысвосæй нывонд æрхæсс, Дунедарæг Йæ
номыл цы бынат равзара, уым. 3Куадзæны
нывонд ма хæр æнхъизæнджын дзулимæ.
Авд боны дæргъы дын уыцы дзидзаимæ фы-
дæвзарæны хойраг — донгонд дзул — хæргæ
у, Мысырæй æвæстиатæй кæй фæраст дæ,
уый мысынæн. Афтæмæй ды цæргæбонты
дæ зæрдыл дардзынæ Мысырæй рацыды
бон. 4Авд боны дæргъы дæ зæххы хайыл
æнхъизæнæн йæ кой дæр макæцы ран уæд,
фыццаг бон изæрæй цы кусарт акæнай, уы-
мæй та райсоммæ мацыуал баззайæд. 5Ду-
недарæг, уæ Хуыцау, сымахæн кæй радта,
уыцы сахартæй уын иуы дæр нæй Куадзæны
нывонд акусарт кæнæн. 6Дунедарæг, уæ
Хуыцау, Йæ номыл кæй равзара, æрмæст-
дæр уыцы бынаты изæрыгон, хурныгуылды
фæстæ, Мысырæй куы рацыдтæ, раст уыцы
афон, акусарт кæн Куадзæны нывонд. 7Сфыц
æй æмæ йæ бахæр, Дунедарæг, дæ Хуыцау,
цы бынат равзара, уым, райсомæй та дæ
хæдзармæ рараст кæн. 8Æхсæз боны дæргъы
хæр донгонд дзул, æвдæм бон скæн уазæм-
бырд — Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, номыл
бæрæгбон у; ницы кусæн ис.

9Къуырийы бæрæгбоны райдианæй авд
къуырийы анымай 10æмæ, Дунедарæджы, дæ
Хуыцауы, арфæйæ дæ къухы цы ис, уымæй
скæн Къуырийы бæрæгбон æмæ ссар Дуне-
дарæджы, дæ Хуыцауы, ном. 11Цин кæн Йæ
разы, Дунедарæг, дæ Хуыцау, Йæ номыл цы
бынат равзæрста, уым, демæ — дæ цот чыз-
гæй, лæппуйæ, дæ цагъартæ нæлгоймагæй,
сылгоймагæй, дæ сахары цæрæг левиттæ,
ноджы ма, уе 'хсæн чи æрбынæттон, уы-
цы æрцæуæггæгтæ, стæй сидзæртæ æмæ
идæдзтæ. 12Дæхæдæг дæр Мысыры цагъар
кæй уыдтæ, уый дæ рох ма уæд, æмæ бæстон
æххæст кæн ацы æгъдау.

13Авд боны дæргъы-иу бæрæг кæн Ха-
лагъудты бæрæгбон, дæ хор æмæ-иу дæ
сæн куы бафснайай, уæд. 14Уæ бæрæгбон
хъæлдзæгæй æрвитут: ды, дæ фырттæ æмæ
дæ чызджытæ, дæ цагъартæ нæлгоймагæй,
сылгоймагæй, дæ сахары цæрджытæ: ле-
виттæ æмæ æрцæуæггæгтæ, сидзæрæй
æмæ идæдзæй дзы чидæриддæр ис, уыдон
иууылдæр. 15Авд боны-иу ахæссæд дæ бæ-
рæгбон Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, кадæн,
Дунедарæг цы бынат равзара, уым. Уымæн
æмæ арфæгонд уыдзысты Дунедарæгæй, дæ
Хуыцауæй, дæ тыллæджы алы гага дæр æмæ
дæ къухвæллой, æмæ райдзынæ фыр цинæй!

16Уæ нæлгоймæгтæ се 'ппæт дæр афæдз
æртæ хатты хъуамæ æрлæууой Дунедарæ-
джы, уæ Хуыцауы раз, Йæ номыл цы бынат
равзара, уым: Донгонд дзулты, Къуырийы
æмæ Халагъудты бæрæгбæтты. Афтидар-
мæй мачи æрбацæуæд! 17Дунедарæджы, уæ
Хуыцауы, арфæмæ гæсгæ, йæ къух кæмæн
цы амона, уый-иу æрбахæссæд!

18Дунедарæг, дæ Хуыцау, дын кæй дæт-
ты, æппæт уыцы сахарты дæ мыггæгтæн
тæрхонгæнджытæ æмæ уагдартæ сæвæр,

адæмæн раст тæрхон куыд кæной, афтæ.
[19]Галиу тæрхон ма кæн, хъулон мийæ дæхи
хиз. Гæртæмттæ ма ис, уымæн æмæ гæртам
куырыхоны куырм кæны, раст лæджы — зы-
лын. [20]Рæстдзинадмæ, æрмæстдæр рæстдзи-
надмæ тырн, цæмæй сæрæгасæй баззайай
æмæ дын Дунедарæг, дæ Хуыцау, цы бæстæ
дæтты, уый дæхи бакæнай.

[21]Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн, цы ны-
вондхæссæн саразай, уый раз Ашерæйы
цæджындз ма ныссадз. [22]Табуйаг дур дæр
ма сæвæр — уыдæттæ æнæуынон сты Дуне-
дарæгæн, дæ Хуыцауæн.

**17** Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн, сахъат
стуртæ кæнæ фысвосæй нывонд ма хæсс —
æлгъаг ми у уый Дунедарæджы, дæ Хуыцауы
цæсты.

[2]Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн кæй
дæтты, уыцы сахартæй искæцыйы ахæм
нæлгоймаг кæнæ сылгоймаг куы разына,
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы раз, исты æв-
зæрдзинад чи сараза æмæ Йемæ фидыд
чи фехала; [3]Йæ ныхасы сæрты ахизгæйæ,
исчи æндæр хуыцæуттæн, хур, мæй кæнæ
стъалытæн куы лæггад кæна æмæ-иу сын
куы бакува, [4]уæд, уыцы хабар фехъусгæйæ,
хъуыддаг сбæлвырд кæн, æмæ, кæд Израи-
лы æцæгдæр ахæм æлгъаг ми сарæзтæуыд,
[5]уæд уыцы адæймаджы, нæлгоймаг уа æви
сылгоймаг, сахары кулдуары раз дурты бын
фæкæнут.

[6]Марыны тæрхон рахæссæн ис дыууæ кæ-
нæ æртæ æвдисæны ныхасмæ гæсгæ. Иу
æвдисæны ныхасмæ гæсгæ марыны тæрхон
рахæссæн нæй. [7]Сæ къух æм хъуамæ фыццаг
æвдисæнтæ сисой, уый фæстæ та — адæм.
Фесафут уе 'хсæнæй фыддзинад!

[8]Туг ныккалди, быцæу рауади, исчи фæ-
цæф ис, æмæ раст тæрхон рахæссынил дæ са-
хары дæ зæрдæ нæ дарыс, зæгъгæ, уæд фæцу,
Дунедарæг, дæ Хуыцау, цы бынат равзæрста,
уырдæм. [9]Бафæрс сауджынты, левитты æмæ,
уыцы рæстæг тæрхоны лæг чи уа, уый, æмæ
дын уыдон зæгъдзысты сæ уынаффæ. [10]Куыд
дын зæгъой, афтæ-иу бакæн, Дунедарæг, дæ
Хуыцау, цы бынат равзæрста, уым. [11]Уыдон
дын цы 'гъдау бацамоной æмæ цы тæрхон
скæной, уымæ гæсгæ-иу алцыдæр бакæн,
рахизæрдæм дæр æмæ галиуæрдæм дæр
ма фæзил, афтæмæй. [12]Дунедарæгæн, дæ
Хуыцауæн, уыцы ран лæггад цы сауджын
кæна, уымæ æмæ тæрхоны лæгмæ йæ фыр
къæйныхæй чи нæ байхъуса, уый маринаг у.
Фесафут Израилæй фыддзинад! [13]Уадз æмæ
йæ адæм иууылдæр фехъусой æмæ стæрсой,
æмæ мачиуал бауæнда къæйных уæвын.

[14]Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн цы бæс-
тæ дæтты, уырдæм куы бацæуат, уæхи йæ
куы бакæнат, куы дзы æрбынæттон уат æмæ
куы зæгъат, нæ алыварс адæмтау махæн дæр
паддзах куы уаид, зæгъгæ, [15]уæд, Дунедарæг,
уæ Хуыцау, уе 'фсымæртæй кæй равзара, уый
скæнут паддзах уæхицæн. Æндæрбæстаджы
ма скæнут паддзах — уый уе 'фсымæр нæу.
[16]Æрмæст паддзах бирæ бæхтæ ма скæнæд
йæхицæн æмæ адæмы фæстæмæ Мысырмæ
ма арвитæд, цæмæй йæ бæхтæ ноджы фæ-
фылдæр уой, уымæн æмæ уын Дунедарæг
афтæ загъта: „Уыцы фæндагыл фæстæмæ
макуыуал аздæхут!“ [17]Æгæр бирæ устытæ
дæр ма скæнæд йæхицæн, науæд сæнæуаг
уыдзæн. Æвзист æмæ сыгъзæрины фæдыл
дæр ма ацæуæд. [18]Паддзахы бадæны куы
сбада, уæд-иу сауджынтæм, левиттæм цы
тухгæ чиныг ис, уырдыгæй ацы Æгъдау ра-
фыссæд йæхицæн. [19]Цæргæбонты йæ разы
уæд æмæ йæ кæсæд, цæмæй сахуыр уа Ду-
недарæгæй, йæ Хуыцауæй, тæрсын, бæстон
æххæст кæна ацы Æгъдау æмæ йе 'ппæт
домæнтæ, [20]цæмæй йе 'фсымæртæм сæр-
бæрзондæй ма кæса, ацы фæдзæхстытæй
рахизæрдæм дæр æмæ галиуæрдæм дæр
ма фæзила, цæмæй йæхæдæг дæр æмæ йæ
байзæддæгтæ дæр тъымы-тъыматæм пад-
дзахиуæг кæной Израилы.

**18** Сауджын левиттæн, Левийы хæдзар-
вæндагæн æмткæй, иннæ израилæгтæй
хъауджыдæр, хай нæ уыдзæн, бынтæ сын
нæ баззайдзæн: Дунедарæджы хуынтæй
цæрдзысты, уыдон сты сæ хай. [2]Левийы
мыггагæн хай нæ уыдзæн се 'фсымæрты
'хсæн. Дунедарæг сын зæрдæ куыд бавæрд-
та, афтæмæй Йæхæдæг у уыдонæн сæ хай.

[3]Стур кæнæ лыстæг фосы кусартæн йæ
базыг, æфсæр æмæ ахсæн уагæвæрдмæ гæс-
гæ сауджынтæм хауынц, æмæ сæ алчидæр
хъуамæ уыдонæн дætта. [4]Хор, сæн, сой æмæ
къуымбилы сæртæ дæр уыдонæн дæтгæ сты.
[5]Уымæн æмæ æппæт мыггæгты 'хсæн уыдо-
ны равзæрста Дунедарæг, дæ Хуыцау, цæмæй
Йын уырдыг лæууой æмæ Йæ номы сæрап-
понд лæггад кæной сæ тъымы-тъымамæ.

[6]Израилы сахартæй кæцыфæндыйы цæрæг
левит дæр, Дунедарæг Йæ номыл цы бынат
равзæрста, уырдæм йæ зæрдæйы фæндонмæ
гæсгæ куы бацæуа [7]æмæ, уым Дунедарæгæн
уырдыг чи лæууы, уыцы левиттау, йе 'фсы-
мæртау, лæггад куы кæна Дунедарæгæн, дæ

Хуыцауæн, 8уæд ын уыдонимæ æмхуызон
хай ис, йæ фыды бынтæ йын цæрынваг куы
кæной, уæд дæр.
9Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн цы бæс-
тæ дæтты, уырдæм куы бацæуат, уæд уымы
адæмты æлгъаг митæ ма бафæзмут. 10Ма
уæд уе ’хсæн: йæ фырты кæнæ йæ чызджы
арты нывондæн чи æрхæсса, ахæмтæ; дæс-
ныфæрсджытæ, хингæнджытæ, кæлæн-
гæнджытæ; 11куырысдзаутæ, мæрдтæм-
сидджытæ, мæрдты удтæй сæ фæрстытæн
дзуапп домджытæ. 12Уымæн æмæ æлгъаг
у Дунедарæгæн ахæм адæймаг. Уыдæтты
тыххæй байсдзæни Дунедарæг, уæ Хуыцау,
ацы зæхх æндæр адæмтæй æмæ йæ сымахæн
ратдзæн. 13Æнæкъæм ут Дунедарæджы, уæ
Хуыцауы раз!
14Уымæн æмæ, уæхи кæй зæхх бакæн-
дзыстут, уыцы адæмтæ дæснытæ æмæ
кæлæнгæнджытæм хъусынц, сымахæн та
Дунедарæг, уæ Хуыцау, ахæм бар нæ дæтты.
15Мæн куыд сæвæрдта Дунедарæг, уæ Ху-
ыцау, афтæ уын уе ’фсымæртæй иуы скæн-
дзæни пехуымпар, æмæ-иу уымæ хъусут.
16Сымах æмбырдæй Хоревы рæбын Дунеда-
рæгæй, уæ Хуыцауæй, цыдæриддæр домд-
тат, уыдæттæ сæххæст уыдзысты. Загътат:
„Куынæуал фехъусиккам Дунедарæджы, нæ
Хуыцауы, хъæлæс, куынæуал фениккам
уыцы стыр арт, æндæра нын æнæ мæлгæ
нæ уыдзæн!“ 17Æмæ мын Дунедарæг загъ-
та: „Афтæ кæй загътой, уый хорз у. 18Сæхи
’хсæнæй сын сæвæрдзынæн Æз дæ хуызæн
пехуымпары. Йæ комы йын Мæ ныхæстæ
бавæрдзынæн, æмæ йын Æз цыдæриддæр
зæгъон, уыдæттæ дзурдзæн. 19Уыцы пеху-
ымпар Мæ номæй цы дзура, уыдæттæм чи
нæ байхъуса, уымæн Æз Мæхæдæг тæрхон
кæндзынæн. 20Фæлæ пехуымпар, Æз кæй
нæ загътон, уыцы ныхас Мæ номæй кæнæ
æндæр хуыцæутты номæй дзурын куы ба-
уæнда, уæд æй марын хъæуы“.
21Чи зоны, ды дæхинымæр зæгъай: „Æмæ
куыд базондзыстæм мах, Дунедарæгæй чи
нæ рацыди, уыцы ныхас?“ 22Пехуымпар Ду-
недарæджы номæй кæй зæгъа, уыцы ныхас
куынæ æрцæуа æмæ куынæ сæххæст уа, уæд
йæ ныхас Дунедарæгæй нæ рацыд, фæлæ йæ
пехуымпар къæйныхæй загъта йæхæдæг,
ма дзы тæрс.

**19** Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн кæй
зæхх дæтты, уыцы адæмты куы ныццæгъда
æмæ йæ сымах уæхи куы бакæнат, сæ сахар-
тæ æмæ сын сæ хæдзæртты куы æрбынæттон
уат, 2уæд, Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн
кæй дæтты, уыцы бæстæйы рахицæн кæнут
æртæ сахары. 3Сбарут фæзуат æмæ, Дунеда-
рæг, уæ Хуыцау, сымахæн кæй дæтты, уыцы
зæхх æртæ дихы акæнут, цæмæй-иу тудж-
джын уыцы сахартæй искæцымæ алидза.
4Тудджынæн уыцы сахартæй искæцымæ
алидзæн æмæ уым йæ сæр бафснайæн ис, знаг
ын нæ уыди, афтæмæй искæй æнæбары куы
амара, уæд. 5Зæгъæм, адæймаг æмбалимæ
хъæдмæ ацыди сугтæм æмæ, бæласы зæнг
æрцæвон, зæгъгæ, фæрæт хердмæ фæхас-
та, афтæмæй фæрæт йæ хъæдæй фæхаудис,
æмбалыл сæмбæлд, æмæ уый фæмард ис.
Ахæм адæймагæн бар ис уыцы æртæ саха-
рæй искæцымæ алидзын æмæ уым йæ сæр
бафснайын, 6цæмæй тугисæг йæ тæвдæй
тудджыны фæсте ма асура, фæндаг дард
кæй у, уый аххосæй йæ ма баййафа æмæ йæ ма
амара: маринаг нæу — æнæбары амардта, знаг
ын чи нæ уыди, уыцы адæймаджы. 7Уымæн
уын зæгъын: æртæ сахары рахицæн кæнут.
8Дунедарæг, уæ Хуыцау, уæ фыдæлтæн
куыд басомы кодта, афтæ, уæ арæнтæ куы
суæрæх кæна æмæ уын, уæ фыдæлтæн зæрдæ
цы бæстæй бавæрдта, уый æнæхъæнæй куы
ратта 9(афтæ уыдзæн, æз уын абон кæмæй
зæгъын, æппæт уыцы фæдзæхстытæ бæстон
куы æххæст кæнат, Дунедарæджы, уæ Хуы-
цауы, куы уарзат æмæ цард-цæрæнбонты Йæ
фæдыл куы цæуат), уæд ма-иу уыцы æртæ
сахармæ ноджыдæр æртæ бафтаут. 10Æмæ
никуы ныккæлдзæн æнаххосы туг, Дунеда-
рæг, уæ Хуыцау, сымахæн исбонæн цы зæхх
дæтты, уым, æмæ тугныккалды азымджын
нæ фæуыдзыстут.
11Фæлæ исчи искæмæ знаджы зæрдæ куы
дара, йæ размæ куы бабада, куы йыл фæхæст
уа æмæ йæ куы амара æмæ уый фæстæ уыцы
сахартæй искæцымæ куы алидза, 12уæд æй,
цы сахайраг у, уыцы сахары хистæртæ фæс-
тæмæ æрбакæнын кæнæнт, кæдæм алыгъди,
уыцы сахарæй æмæ йæ, туг кæмæй дары,
уыдоны къухтæм раттæнт, цæмæй мард æр-
цæуа. 13Ма йын батæригъæд кæнут! Æнаххос
туг ныккалыны азарæй бахизут Израилы,
æмæ æнæмаст уыдзыстут.
14Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн исбо-
нæн цы зæхх дæтты, уым, дæ сыхагæй де
’хсæн фыдæлтæй цы арæн баззад, ууыл ма
бахæц фалдæр.
15Исты фыдракæнд, галиу ми кæнæ тæ-
ригъæды базылын кæнынæн иу æвдисæн
фаг нæу: алы хъуыддаг дæр хъуамæ дыууæ
кæнæ æртæ æвдисæны раз æвзæрст цæуа.

16Исчи искæй ныхмæ мæнгæвдисæн куы
балæууа, фыдми ракодта, зæгъгæ, 17уæд
быцæугæнджытæ дыууæйæ дæр хъуамæ
æрлæууой Дунедарæджы раз: уыцы рæстæ-
джы сауджынтæ æмæ тæрхонгæнджытæ чи
уа, уыдоны раз. 18Тæрхонгæнджытæ хъуыд-
дагмæ бæстон куы æркæсой æмæ æвдисæн
мæнг куы разына, 19уæд ын, йе 'фсымæрæн
цы бакæнынмæ хъавыд, уый йæхицæн ба-
кæнут. Фесафут уе 'хсæнæй фыддзинад!
20Хабар æппæт адæм дæр фехъусдзысты
æмæ стæрсдзысты, ахæм хъуыддагæй сæхи
хиздзысты æмæ дарддæр афтæ ничиуал ба-
кæндзæн сымахæй. 21Ма батæригъæд кæн:
уды ныхмæ — уд, цæстæн — цæст, къухæн —
къух, къахы ныхмæ — къах!

**20** Уе знæгты ныхмæ хæстмæ куы ацæ-
уат æмæ уый бæрц бæхтæ, тохуæрдæттæ,
уæхицæй бирæ фылдæр æфсад куы фенат,
уæд-иу ма фæтæрсут! Дунедарæг, уæ Хуы-
цау, Мысырæй уæ Чи ракодта, Уый уемæ ис!
2Тохы агъоммæ сауджын рацæуæд хæстонты
размæ æмæ сын зæгъæд: 3„Æрбайхъус, Из-
раил! Абон сымах хæстмæ ралæудзыстут уе
знæгты ныхмæ. Уæ цæст дæр ма фæныкъу-
лут, ма фæтæрсут, уæ ныфс ма асæттæд, ма
фæтасут! 4Уымæн æмæ Дунедарæг, уæ Хуы-
цау, хæстмæ уемæ цæуы, цæмæй уе знагыл
фæуæлахиз уат".

5Уагдартæ та зæгъæнт хæстонтæн: „Кæд
уæ исчи хæдзар сарæзта, фæлæ дзы нæма
æрцардис, уæд фæстæмæ аздæхæд — хæсты,
мыййаг, куы фæмард уа, æмæ йæ хæдзары
æндæр исчи куы æрцæра. 6Кæд уæ исчи
сæндон скодта, фæлæ дзы тыллæг нæма
æртыдта, уæд фæстæмæ аздæхæд — хæсты,
мыййаг, куы фæмард уа, æмæ йын æндæр
исчи йæ сæнæфсир куы æртона. 7Кæд уæ
исчи фидыд у, фæлæ йæ къайаджы нæма
æрхуыдта, уæд аздæхæд фæстæмæ — хæс-
ты, мыййаг, куы фæмард уа, æмæ йын йæ
усаджы æндæр исчи куы ракура". 8Зæгъæнт
ма ноджыдæр уагдартæ хæстонтæн: „Кæд уæ
исчи йæ ныфс нæ хæссы, йæ зæрдæйы тас
ис, уæд аздæхæд фæстæмæ йæ хæдзармæ,
цæмæй уымæ гæсгæ йе 'фсымæрты зæрдæ-
ты дæр тас ма бацæуа". 9Уагдартæ адæмимæ
сæ ныхас куы фæуой, уæд равзарын хъæуы
хæстон разамонджытæ, æфсады сæргъы чи
слæууа, ахæмтæ.

10Басæттынмæ цы сахар хъават, уыимæ
уал-иу раздæр сабырæй дзурут, цæмæй
æнæ схæцгæйæ уæхи бауа. 11Кæд уæ фæн-
доныл сразы уой æмæ уын сахары дуæрттæ
бакæной, уæд уын, цыдæриддæр дзы цæр-
джытæ ис, уыдон сегас дæр хъалон фиддзыс-
ты æмæ уæ цагъартæ уыдзысты. 12Кæд æмæ
сахар сабырæй не сразы уа æмæ уемæ схæца,
уæд ыл-иу æрхъула кæнут. 13Дунедарæг, дæ
Хуыцау дын æй дæ къухтæм ратдзæн, æмæ
дзы нæлгоймагæй чидæриддæр уа — кар-
дылæфтыд сæ фæкæнут. 14Сылгоймæгтæ
æмæ сабиты, стæй, фос æмæ дзы исбонæй
цыдæриддæр ис, уыдон та уæхицæн æрба-
тæлæт кæнут æмæ уын Дунедарæг, уæ Хуы-
цау, уæ къухтæм цы знæгты радта, уыдоны
бынтыл æрбадут.

15Афтæ кæнут, сымахæй дард чи у, ам цæ-
рæг адæмтæ кæмæ ницы бар дарынц, уыцы
сахартæн. 16Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн
цы бæстæ дæтты, уыцы сахарты удæгасæй
макæй ныуудзут. 17Дунедарæг, уæ Хуы-
цау, сымахæн куыд загъта, афтæ æлгъыстаг
фæкæнут æмæ ныццæгъдут хеттæгты, амо-
рæгты, ханаанæгты, периззæгты, хиввæгты,
евусæгты. 18Цæмæй, сæ хуыцæуттты номыл
цы æлгъаг митæ кæнынц, уыдоныл сымах
дæр ма сахуыр кæной æмæ Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы раз, тæригъæды ма бацæуат.

19Сахар уын уайтагъд нæ бакуымдта
басæттын æмæ йæ алыварс дæргъвæтин
рæстæг бонасадæн кæнут, зæгъгæ, уæд ма
бахъыгдарут дыргъбæлæстæ, фæрæт сæм
ма сисут. Быдыры бæлас адæймаг у, мый-
йаг, æмæ сымахæй фидармæ балидздзæн?
20Акалут æрмæстдæр, йæ дыргъ хæрынæн
кæмæн нæ бæззы, уыцы бæлæстæ æмæ сæ
спайда кæнут сахары ныхмæ, цалынмæ ба-
сæтта, уæдмæ.

**21** Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн кæй
дæтты, уыцы бæсты адæймаджы мардыл
куы бамбæлат быдыры æмæ йæ чи амардта,
уый бæрæг куынæ уа, 2уæд рацæуæнт уæ
хистæртæ æмæ уæ тæрхонгæнджытæ æмæ
сбæрæг кæнæнт, мард кæм ссардæуыди, уы-
цы бынатæй, йæ алфамбылай цы сахартæ
ис, уыдонмæ цас цыд у, уый. 3Мардмæ дзы
хæстæгдæр кæцы разына, уыцы сахары хис-
тæртæ равзарæнт, кусгæ кæуыл нæма код-
той æмæ æфсондз кæуыл нæма уыд, ахæм
дыгæрдыг. 4Акæнæнт дыгæрдыджы, хуым-
гонд дæр чи никуыма уыд æмæ кæй никуы
байтыдæуыд, ахæм дæлвæзмæ æмæ йын
уыцы ран йæ бæрзæй асæттæнт. 5Стæй æрба-
цæуæнт сауджынтæ, Левийы байзæддæгтæ:
уыдоны равзæрста Дунедарæг, уæ Хуыцау,
цæмæй Йын лæггадгæнæг уой æмæ Дуне-
дарæджы номæй арфæ кæной, æмæ уымæ

гæсгæ цыфæнды быцæу дæр æмæ уæнгсаст
фæкæныны фæдыл цыфæнды хъуыддаг
равзарын дæр уыдонмæ хауы. 6Хæстæгдæр
сахары хистæртæ, доны раз цы дыгæрдыджы
бæрзæй асастой, уый сæрмæ сæ къухтæ цæх-
сæнт 7æмæ зæгъæнт: „Нæ къухæй нæ ныккалди ацы туг, ницы федтам. 8Дунедарæг,
ма сæвæр азым Дæ адæмыл, израилæгтыл,
уацарæй кæй фервæзын кодтай, уыдоныл!
Сраст кæн Дæ адæмы, израилæгты!“ Æмæ
уæд уыцы тугныккалды уыдон азымджын
нæ уыдзысты. 9Афтæмæй уæхи æнаххосы
тугныккалды азымæй бахиздзыстут, Дуне-
дарæгæн фæндон цы у, уый куы кæнат, уæд.
10Уе знæгты ныхмæ хæстмæ куы рацæуат
æмæ уын сæ Дунедарæг, уæ Хуыцау, уæ къух-
тæм куы ратта æмæ сæ уацары куы райсат,
11уæд се 'хсæн рæсугъд сылгоймаг куы фенай,
дæ зæрдæмæ куы фæцæуа æмæ йæ ракурын
куы сфæнд кæнай, 12уæд æй дæ хæдзармæ
æрбахон. Йæ сæр алвынæд, йæ ныхтæ ра-
кæнæд, 13йæ уацайраджы дарæс раивæд
æмæ мæйы дæргъы йæ фыд æмæ йæ мадыл
фæкæуæд. Уый фæстæ йемæ æмуат æрцу,
æмæ лæг æмæ ус уыдзыстут. 14Куынæуал дæ
хъæуа, уæд æй, кæдæм æй фæнды, уырдæм
ауадз. Уæй йæ ма акæн æвзистыл, дæхицæн
дзы, мæ бар у, зæгъгæ, цагъар ма скæн.
15Дыууæ усы кæмæн уа, сæ иу — уарзон,
иннæ та — нæ, уымæн сæ дыууæ дæр лæппу-
тæ ныййардтой, æмæ, кæй нæ уарзы, уыцы
усы лæппу хистæр зæнæг у, зæгъгæ, 16уæд,
йæ фырттæн йæ бынтæ уаргæйæ, кæй нæ
уарзы, уыцы усы лæппуйы ма фæхъулон
кæнæд æмæ, кæй уарзы, уыцы усы лæппуйы
ма фæхистæр кæнæд. 17Кæй нæ уарзы, уыцы
усы лæппу у цоты хистæр, æмæ бынтæй дыу-
уæ хайы раттын уымæн æмбæлы. Хистæры
хай уымæ хауы.
18Искæмæн йæ фырт фыдуаг æмæ æнæ-
сæттон у, зæгъгæ, йæ фыд æмæ йæ мадмæ
нæ хъусы, цыфæндыйæ дæр сын нæ уисæн
кæны, 19уæд уыцы мад æмæ фыд бавдæлæнт,
сæ сахары хистæрты размæ йæ бакæнæнт
20æмæ сын зæгъæнт: „Мæнæ ай нæ фырт
у, фыдуаг æмæ æнæсæттон, гуыбындзæл
æмæ къупри“. 21Æмæ йæ сахары цæрджытæ
дурты бын фæкæнæнт. Фесафут фыддзинад
уе 'хсæнæй! Æгас Израилы айхъуысдзæн
хабар, æмæ адæм се 'ппæт дæр адæргæй
нырриздзысты.
22Искæмæн йæ фыдракæнды тыххæй ма-
рыны тæрхон куы æмбæла æмæ йæ куы
'рцауындзат, 23уæд мардæн æхсæвы хъæдыл
ауыгъдæй ныууадзæн нæй, æмбойны йæ
баныгæнын хъæуы. Хъæдыл ауыгъд Хуы-
цауæй æлгъыст у! Уæдæ ма чъизи кæнут,
Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн исбонæн
кæй дæтты, уыцы зæхх!

**22** Де 'фсымæры дзæгъæл стур кæнæ лыс-
тæг фосыл куы бамбæлай, уæд æй уым ма
ныууадз — йæ хицауыл æй сæмбæлын кæн.
2Кæд æмæ фосы хицау дард цæры кæнæ, кæй
сты, уый нæ зоныс, уæд та уал сæ, цалынмæ
сæ хицау фæзына, уæдмæ дæ хæдзармæ ба-
кæн. 3Афтæ-иу бакæн искæй хæрæг, искæй
дарæс, стæй искæй дзаумайæ цыдæриддæр
ссарай, уыдонæн дæр. Сæ рæзты макуы ацу!
4Фæндагыл искæмæн йæ хæрæг кæнæ йæ
гал бастад æмæ æрхауд, зæгъгæ, уæд йæ
иувæрсты ма ахиз — йæ хицауæн ын фех-
хуыс кæн, æмæ йæ иумæ слæууын кæнут
йæ къæхтыл.
5Сылгоймагæн нæлгоймаджы дарæс да-
рын не 'мбæлы, нæлгоймаг та хъуамæ сыл-
гоймаджы дарæс ма дара. Афтæ чи кæны,
уый Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн, æлгъаг у.
6Зæххыл уа æви бæласыл, — маргъы ахс-
тоныл бамбæлдтæ æмæ дзы мадæл маргъы
æд лæппынтæ кæнæ къуыртты бадгæ федтай,
зæгъгæ, уæд æй дæхицæн æд лæппынтæ
ма рахæсс. 7Мады уадз, йæ лæппынты та
йын рахæсс, цæмæй дын хорз уа æмæ бирæ
фæцæрай.
8Хæдзар аразыс, уæд ын йæ уæлхæдзары
кæрæттыл кæрæй-кæронмæ быру скæн, цæ-
мæй дзы мачи рахауа æмæ искæй мæлæты
азымджын ма фæуай.
9Дæ сæндоны сæнæфсирæй дарддæр ма-
цы ныссадз, цæмæй дæ сæнæфсир дæр æмæ
дæ иннæ мыггаджы тыллæг дæр æлгъыстаг
ма фæуой.
10Гал æмæ хæрæгыл иумæ ифтыгъдæй
хуым ма кæн.
11Ма дар алыхуызон æндæхтæй, къуымбил
æмæ гæн æндахæй уæфт дарæс.
12Дæ уæлæфтауы цыппар тигъыл дæр хау-
тæ скæн.
13Ус куы æрхæссай, йемæ æмуат куы 'рцæ-
уай, æмæ дын стæй æнæуынон куы суа, 14аф-
тæмæй йыл уый фæстæ цъыфкалæн куы
кæнай æмæ йæ адæмы цæсты куы æфтауай,
ракуырдтон æй, йемæ æмуат æрцыдтæн, фæ-
лæ чызг нæ разынди, зæгъгæ, 15уæд чызджы
фыд æмæ мад, йе 'фсарм йæхимæ кæй уыд,
уый æвдисæнæн сахары хистæртæм сахары
кулдуары размæ чызджы пысултæ рахæс-
сæнт. 16Æмæ йæ фыд сахары хистæртæн
зæгъæд: „Ацы лæгæн радтон æз мæ чызджы,

æмæ йын адæн нæ фæци. 17Цъыфкалæн ыл кæны, чызг нæ уыди, зæгъгæ, фæлæ уын мæнæ мæ чызджы æфсармы æвдисæйнæгтæ“. Æмæ сахары хистæрты раз чызджы пысултæ айтындзæнт. 18Æмæ сахары хистæртæ бафхæрæнт уыцы лæджы. 19Сæдæ æвзист шекелы хъуамæ бафида йæ каисæн, израилаг чызгæн йе ’взæры кой кæй айхъуысын кодта, уый тыххæй. Сылгоймагимæ та цæргæйæ баззайдзæн, йемæ ахицæн уæвыны бар ын нæй.

20Йæ ныхæстæ æцæг сты, æмæ йæ бинойнаг бæлвырдæй чызг нæ разынди, зæгъгæ, 21уæд та сахары цæрджытæ сылгоймаджы йæ фыды хæдзары дуармæ дурты бын фæкæнæнт: фæхудинаг кодта Израилы, йæ фыды хæдзары хъахбай митæ кодта. Фесафут уе ’хсæнæй фыддзинад!

22Нæлгоймаджы искæй усимæ баййæфтой, зæгъгæ, уæд сæ дыууæ дæр маринаг сты: афтæ чи бакодта, уыцы нæлгоймаг дæр æмæ сылгоймаг дæр. Искæй усмæ чи фæрæдыди, уыцы нæлгоймаг дæр хъуамæ амæла æмæ сылгоймаг дæр. Фесафут æвзæрдзинад Израилæй!

23Куырдуаты бадæг æнæрцæф чызгыл сахары æндæр нæлгоймаг амбæлд æмæ йын батых кодта, зæгъгæ, 24уæд сæ дыууæйы дæр сахары кулдуары раз дурты бын фæкæнут: чызджы, сахары уæвгæйæ, фæдис, зæгъгæ, кæй нæ ныхъхъæр кодта, уый тыххæй, нæлгоймаджы та, кæйдæр усаджы кæй фæхудинаг кодта, уый тыххæй. Фесафут уе ’хсæнæй фыддзинад!

25Фæлæ куырдуаты бадæг чызгыл сахары æдде цы нæлгоймаг амбæла æмæ йын тыхми чи бакæна, уый та æрмæстдæр йæхæдæг у маринаг, 26чызг ницы аххосджын у: йæ хабар у, исчи æваст искæуыл йæхи куы ныццæва æмæ йæ куы æрбамара, уый хуызæн. 27Уымæн æмæ, кæд быдыры цыфæнды хъæр кодта, уæддæр ын æххуысгæнæг нæ уыди.

28Нæлгоймаг, искæимæ фидыд чи нæма у, ахæм чызгæн тыхми куы бакæна æмæ йæ уынæг куы фæуа, 29уæд æрыгон чызджы фыдæн хъуамæ бафида дæс æмæ дыууиссæдз æвзист шекелы, чызджы та ракура, уымæн æмæ йæ фæхудинаг кодта, æмæ йын цæрæнбонты йемæ цæргæ у.

30Йæ фыды усимæ бацæрыны бар никæмæн ис. Йæ фыды бæгънæгæй фенины бар никæмæн ис.

**23** Йæ мæхстæттæ хъыгдард кæмæн сты кæнæ йе ’рдон буар кæмæн ралыг чындæуыд, уыцы нæлгоймагæн Дунедарæджы размæ бацæуæн нæй.

2Дзæгъæлзадæн Дунедарæджы размæ бацæуæн нæй, йæ байзæддæгтæн дæр нæй бацæуæн Дунедарæджы размæ, суанг дæс фæлтæры кæрæдзийы куы аивой, уæд дæр.

3Аммонæгтæ æмæ моавæгтæн никуы уыдзæн Дунедарæджы размæ бацæуæн, суанг сæ байзæддæгты дæс фæлтæры кæрæдзийы куы аивой, уæд дæр, 4уымæн æмæ уын уыдон, Мысырæй куы рацыдыстут, уæд фæндагыл сæ къæбæр æмæ сæ дон бахæлæг кодтой, стæй ма уыимæ Арам-Нахараимаг Петоры цæрæг Балаамы, Беоры фырты дæр баххуырстой, цæмæй уæ ралгъита. 5Фæлæ Дунедарæг, уæ Хуыцау, нæ байхъуыста Балааммæ, йе ’лгъыст ын арфæмæ раздæхта, уымæн æмæ Дунедарæг, уæ Хуыцау, уарзы сымах. 6Уымæ гæсгæ сын цæргæбонты хорзæй мацы ракæнут.

7Едомагыл уæхи ма атигъ кæнут: уый уе ’фсымæр у. Мысырагыл уæхи ма атигъ кæнут: йæ бæстæйы æрцæуæггаг уыдыстут. 8Уыдонæн сæ байзæддæгты æртыккаг фæлтæрæн Дунедарæджы размæ бацæуæн уыдзæн.

9Уе знæгты ныхмæ хæстмæ куы рацæуат, уæд уæхи хъахъхъæнут фæчъизийæ. 10Исчи уæ æхсæвы йæхи фæчъизи кодта, зæгъгæ, уæд рæсæнуатæй рацæуæд æмæ фæстæмæ ма баздæхæд — 11изæрæрдæм хъуамæ йæхи æрæхса, æмæ йын хурныгуылды фæстæ рæсæнуатмæ бацæуæн уыдзæн. 12Рæсæнуаты æдде уын, уæхи хъуыдыйы кæдæм цæуат, ахæм бынат хъуамæ уа. 13Хæцæнгарзæй уæлдай ма уæ алкæмæ дæр хъуамæ уа бел дæр, цæмæй, æддæмæ куы ацæуай, уæд уый фæстæ дзыхъхъ скъахай æмæ дæ фаджыстæ уым баныгæнай. 14Дунедарæг, уæ Хуыцау, рæсæнуаты ис уемæ, цæмæй уæ хъахъхъæна, æмæ уе знæгтыл уæлахиз кæнат. Уымæ гæсгæ уæ рæсæнуат сыгъдæг хъуамæ уа, цæмæй уын уæ худинаг ма фена æмæ уыл Йæхи ма атигъ кæна.

15Искæй цагъар йæ хицауæй сымахмæ йæ сæр куы бафснайа, уæд æй йæ хицауæн ма схъæр кæнут. 16Уадз æмæ уе ’хсæн, уæ сахартæй иуы, кæм æй фæнда, уым цæра. Ма йæ ’фхæрут.

17Израилаг сылыстæгæй хъахбай мачи уæд, израилаг нæлгоймæгтæй кувæндоны хъахбай мачи уæд! 18Хæтаг сылы æфтиаг дæр æмæ куыдзы аргъ дæр мацы сомымæ гæсгæ бахæсс Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, хæдзармæ. Сæ дыууæ дæр æлгъаг сты Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн.

19Æхца, хойраг кæнæ æндæр исты де 'фсы-
мæрæн уæлæмхасæн æфтиагыл æфстау ма
дætt. 20Æндæр искæмæй, дæ бон у, исай уæ-
лæмхасæн æфтиаг, фæлæ дæхи 'фсымæрæй
ма ис, цæмæй Дунедарæгæй, дæ Хуыцауæй,
арфæгонд уа дæ къухвæллойæ алцыдæр,
кæдæм раст кæныс æмæ дæхи кæй бакæн-
дзынæ, уыцы бæстæйы.
21Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн, истæй тых-
хæй куы басомы кæнай, уæд æй æнæмæнг
сæххæст кæн, уымæн æмæ дын æй Уый нæ
ныббардзæн, тæригъæд дын фидгæ уыдзæн.
22Дзырд куынæ раттай, уæд та дыл ницы
тæригъæд уыдзæн. 23Зæрдаивæй мацы дзур.
Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн, истæй тыххæй
куы басомы кæнай, уæд-иу дæ сомы сæххæст
кæн: барвæндонæй радтай дзырд.
24Искæй сæндонмæ куы бацæуай, уæд
сæнæфсир, цас дæ хъæуы, уый бæрц бахæр,
фæлæ дзы дæ чыргъæды ма нывæр.
25Искæй хуыммæ куы бацæуай, уæд ын
йе 'фсиртæй дæхицæн ратон, фæлæ кæйдæр
тыллæгмæ æхснырф ма сис.

**24** Ус æркодтай, йемæ бацардтæ, фæлæ йæм
цыдæр аипп ссардтай, æмæ дын уыйадыл
сæнад ис, зæгъгæ, уæд ахицæны гæххæтт
ныффысс, ратт ын æй æмæ йæ дæ хæдза-
рæй арвит. 2Дæ хæдзарæй куы ацæуа æмæ
æндæрмæ куы смой скæна, 3фæлæ та йæ
дыккаг лæгæн дæр æнæуынон куы суа, æмæ
та йæ уый дæр ахицæны гæххæттимæ йæ
хæдзарæй куы рарвита, кæнæ та, дыккаг
хатт кæмæ смой кодта, уыцы лæг куы амæ-
ла, 4уæд йæ фыццаг лæгæн фæстæмæ йемæ
бацæрæн нæй: æндæр лæджы ус кæй уыди,
уымæй йæхи фæчъизи кодта. Уыцы хъуыд-
даг æлгъаг у Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн,
æмæ уын Дунедарæг, уæ Хуыцау, исбонæн
кæй дæтты, уыцы зæхх уæ тæригъæдтæй
ма фæчъизи кæнут.
5Ногусджын æфсадæй дæр сæрибар у, æмæ
йыл æндæр исты хæс дæр нæй сæвæрæн.
Афæдзы дæргъы йæ хæдзары уæд æмæ йæ
бинойнаджы зæрдæ рухс кæнæд.
6Æрмгуырой цъынды райсæн нæй, уый ис-
кæмæн йæ уд цъынды райсынæй уæлдай нæу.
7Исчи йе 'фсымæртæй, израилæгтæй,
искæй куы адава, йæхицæн дзы цагъар
куы скæна кæнæ йæ куы ауæй кæна, æмæ
уый куы сбæрæг уа, уæд уыцы адæйма-
гæн æнæ амаргæ нæй: фесафут уе 'хсæнæй
фыддзинад!
8Хъотырæй рынчын дæ, зæгъгæ, уæд сау-
джын левиттæ цы зæгъой, уый-иу бæстон
сæххæст кæн, Æз сын куыд бафæдзæхстон,
афтæ кæн.
9Мысырæй куы рацыдыстут, уæд фæнда-
гыл Дунедарæг, уæ Хуыцау, Мариамæн цы
бакодта, уый уæ рох ма уæд.
10Искæмæн æфстау исты раттай, зæгъгæ,
уæд æм цъынды райсыны тыххæй йæ хæ-
дзармæ ма бацу. 11Дуармæ йæм банхъæлмæ
кæс, æмæ дын цъынды уырдæм рахæсдзæн.
12Кæд мæгуыр адæймаг у, уæд ма ныххуысс,
цалынмæ йын йæ цъынды фæстæмæ рат-
тай, уæдмæ. 13Хурныгуылды размæ йыл
сæмбæлын кæн йæ цъынды, цæмæй, йæ уæ-
лæфтауæй йæхи æрæмбæрзгæйæ, бафынæй
кæна æмæ дын арфæ ракæна. Уый дын раст
хъуыддагыл нымад уыдзæн Дунедарæджы,
дæ Хуыцауы раз.
14Де 'фсымæртæй дæр æмæ æрцæуæггагæй
дæр дæ бæстæ, дæ сахарты æххуырст, цы-
быркъух æмæ мæгуыргурæй чи ис, уыдоны
ма æфхæр. 15Мæгуырæн-иу хурныгуылды
размæ йæ мызд ратт, уымæн æмæ уымæ
у йе скаст, цæмæй йе 'рдиаг Дунедарæгмæ
ма фехъуыса, æмæ йæ тæригъæд дæ фæдыл
æфтыд ма фæуа.
16Йæ фырты азымы тыххæй фыды марæн
нæй, йæ фыды азымы тыххæй — фырты:
алчи йæ тæригъæды тыххæй хъуамæ йæ-
хæдæг амæла.
17Æрцæуæггаг æмæ сидзæры бартæ дæ
къæхты бын ма ссæнд, сидзæргæсæн йæ
дарæс цъынды ма ис. 18Ды дæр цагъар кæй
уыдтæ Мысыры, уый дæ рох ма уæд. Дунеда-
рæг, дæ Хуыцау, дæу ссæрибар кодта. Уымæн
дын фæдзæхсын æз уыдæттæ.
19Хуымгæрдæнты афон дын быдыры
куырис куы аззайа, уæд æм фæстæмæ ма
здæх — уадз æмæ æрцæуæггаг, сидзæр кæнæ
сидзæргæсы хай фæуа. Уыйхыгъд дæуæн та
дæ къухты фæллой арфæгонд уыдзæн Дуне-
дарæгæй, дæ Хуыцауæй. 20Оливæ бæлæстæ
куы æрцæгъдай, уæд ма йæ къалиутыл цы
дыргътæ аззайа, уыдон ма тон — уадз æмæ
æрцæуæггаг, сидзæр æмæ сидзæргæсы хай
фæуой.
21Дæ сæнæфсир куы æфснайай, уæд æй
фæстаг гагайы онг ма ныттон: æрцæуæггаг,
сидзæр æмæ ма дзы сидзæргæсæн дæр исты
фæуадз. 22Рох дæ ма уæд, ды дæр цагъар кæй
уыдтæ Мысыры. Уымæн дын фæдзæхсын
æз адæттæ.

**25** Исчи искæимæ фæбыцæу ис, зæгъгæ,
уæд сæ тæрхоны раз æрлæууын хъæуы:
уадз æмæ хъуыддаг æвзæрст æрцæуа æмæ

рабæрæг уа, раст чи у æмæ зылын чи у, уый.
2Кæд зылынджын нæминаг уа, уæд тæрхон-
гæнæг бардзырд раттæд, цæмæй йын æй
йæ цæстыты раз радæргъ кæной æмæ йын,
йæ азыммæ гæсгæ цас æмбæлы, уал цæфы
ныккæной. 3Дыууиссæдз цæфы фаг у. Уымæй
фылдæр нæ, науæд де 'фсымæр фæхудинаг
уыдзæн дæ цæстыты раз.
4Найгæнæг галæн йæ дзых ма бæтт.
5Æфсымæртæ иумæ цæрынц, æмæ сæ иу
амарди, фырт та йын нæ баззади, зæгъгæ,
уæд ын йæ идæдзы хъуамæ иннæ æфсымæр
ракура. 6Фыццаг сын цы лæппу райгуыра,
уый цыма мард æфсымæры фырт у, афтæ
нымад æрцæудзæн, æмæ мард æфсымæрæн
израилæгты 'хсæн йæ ном нæ фесæфдзæн.
7Фæлæ уыцы лæг йæ чындзы ракурыныл
разы куынæ уа, уæд чындз рацæуæд сахары
кулдуары размæ, хистæртæм, æмæ зæгъæд:
„Мæ тиуы нæ фæнды, йе 'фсымæры ном Изра-
илы 'хсæн ма фесæфа, уый, мæн ракурыныл
разы нæу“. 8Уæд хистæртæ хъуамæ фæдзурой
лæгмæ æмæ йемæ æрныхас кæной. Уый сæ
коммæ нæ бакасти, нæ мæ хъæуы, зæгъгæ,
цæхгæр ныллæууыди, 9уæд йе 'фсымæры
идæдз бацæуæд, хистæрты раз ын йæ дзабыр
йæ къахæй раласæд, йæ тæккæ цæсгомыл
ын бату кæнæд æмæ зæгъæд: „Йе 'фсымæры
хæдзар ногæй рацаразын кæй нæ фæнды,
уымæн мæнæ афтæ бакæнынц“. 10Уыйадыл
уыцы лæджы хæдзарвæндагыл Израилы
'хсæн, „бæгъæввæдты мыггаг“, зæгъгæ, уы-
цы ном сбаддзæн.
11Дыууæ нæлгоймаджы хыл кæнынц æмæ
сæ иуы ус йæ лæджы фервæзын кæныны
тыххæй, чи йæ нæмы, уымæ бацыд æмæ йын
йе 'рдон буархаймæ æнæфсармæй фæлæ-
бурдта, зæгъгæ, 12уæд, дæ цæст дæр ма фæ-
никъул, афтæмæй йын йæ къух атæхын кæн.
13Дæ хызыны дыууæ алыхуызон уæз-
барæны ма уæд, сæ иу — стырдæр,
иннæ — къаддæр.
14Дæ хæдзары дыууæ алыхуызон бæрцба-
рæн мигæнæны ма уæд, сæ иу — стырдæр,
иннæ — къаддæр. 15Дæ уæзбарæнæн хъуамæ
уа раст æмæ бæлвырд уæз, дæ барæн мигæ-
нæнæн — раст æмæ бæлвырд бæрцуат. Уæд
бирæ фæцæрдзынæ, Дунедарæг, уæ Хуыцау,
сымахæн исбонæн кæй дæтты, уыцы зæххыл:
16ахæм митæ чи кæны, уыдонæй алчидæр,
алы фæлитой дæр, æлгъаг у Дунедарæгæн,
уæ Хуыцауæн.
17Мысырæй куы рацыдыстут, уæд уын
уыцы фæндагыл амалекæгтæ цы бакодтой,
уый дæ рох ма уæд. 18Куы уыл бамбæлдысты,
уæд уыл чъылдымæрдыгæй сæхи ныццавтой
æмæ, йæ бон цæуын кæмæн нал уыд æмæ
фæсте чи баззад, уыдоны ныццагътой: сы-
мах фыр фæлладæй бастадыстут, уыдон та
Хуыцауæй нæ фæтарстысты. 19Дунедарæг,
уæ Хуыцау, сымах куы фервæзын кæна уæ
алыварс знæгтæй æмæ уын исбонæн кæй
радта, уыцы зæххыл уæ куы 'рбынæттон
кæна, уæд-иу уæ ма ферох уæнт амалекæг-
тæ — сæ кой дæр-иу сын фесафут зæххыл.

**26** Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн исбо-
нæн кæй дæтты, уыцы зæхмæ куы бацæуат,
уæхи йæ куы бакæнат æмæ дзы куы 'рбы-
нæттон уат, 2уæд, Дунедарæг, уæ Хуыцау,
сымахæн уæ хай кæй кæны, уыцы зæххæй
тыллæг куы сисай, уæд ын йæ сæртæй чыр-
гъæды ахæсс, Дунедарæг, уæ Хуыцау, Йæ
номыл цы бынат равзæрста, уырдæм. 3Сау-
джынтæй дзы кæй баййафай, уымæн зæгъ:
„Абон æз хъусын кæнын Дунедарæгæн, дæ
Хуыцауæн, кæй æрбацыдтæн, Дунедарæг,
махæн æй ратдзæн, зæгъгæ, нæ фыдæлтæн
цы бæстæй зæрдæ бавæрдта, уырдæм“. 4Сау-
джын райсдзæн чыргъæд æмæ йæ Дунеда-
рæджы, дæ Хуыцауы, нывондхæссæны раз
сæвæрдзæн. 5Ды та-иу зæгъ Дунедарæджы,
дæ Хуыцауы раз: „Мæ фыдæлтæ уыдысты
цæугæцардгæнæг арамейæгтæ. Армыдза-
гæй Мысырмæ фæхаудтой, уым æрцардыс-
ты, æмæ сæ мыггаг даргъ-уæрæх ацыди,
бабирæ сты æмæ хъаруджын адæм систы.
6Фæлæ нын мысырæгтæ хорз нæ уыдысты,
æфхæрдтой нæ, уæззаудæр цы куыст ис,
ууыл нæ æфтыдтой. 7Сдзынæзтам Дунеда-
рæгмæ, нæ фыдæлты Хуыцаумæ, æмæ нын
Дунедарæг фехъуыста не 'рдиаг. Уый нын
федта нæ фыдбылызтæ, нæ фыдæбеттæ
æмæ не 'фхæрд. 8Йæхи къухæй нæ ракодта
Мысырæй Дунедарæг, Йæ арм ныл дард-
та, стыр тас ныл æфтыдта, æвдисæйнæгтæ
æмæ диссæгтæ нын уынын кодта, афтæмæй.
9Æрбакодта нæ ацы ранмæ æмæ нын, æхсыр
æмæ мыд кæцæй хъары, уыцы зæхх радта.
10Æмæ мæнæ æрбахастон, Дунедарæг, Ды
мын кæй радтай, уыцы зæххы тыллæгæн йæ
сæртæ“. Æмæ сæ æрæвæр Дунедарæджы, дæ
Хуыцауы раз, æмæ дæ сæрæй ныллæг акув
Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн. 11Райæд дæ
зæрдæ, Дунедарæг, дæ Хуыцау, дæуæн æмæ
дæ бинонтæн цы бæркæдтæ радта, уыдонæй.
Цин кæнут: ды дæр, левит дæр æмæ уе 'хсæн
цæрæг æрцæуæггаг дæр.
12Æртыккаг аз, дæсæймаг хæйтты аз, де
'ппæт тыллæгæн йæ дæсæймаг хай куы

рахицæн кæнай æмæ йæ левит, æрцæуæггаг,
сидзæр æмæ сидзæргæсæн куы раттай, цæ-
мæй æххормаг ма уой дæ сахары, 13уæд зæгъ
Дунедарæджы, дæ Хуыцауы раз: „Рахицæн
кодтон мæ хæдзарæй уаз хай æмæ йæ, Ды
мын куыд бафæдзæхстай, афтæ левит, æр-
цæуæггаг, сидзæр æмæ сидзæргæсæн радтон.
Дæ фæдзæхстытæй иу дæр нæ ферох кодтон,
иуы сæрты дæр дзы нæ ахызтæн. 14Мæ хъы-
джы сахат дзы нæ бахордтон, фæчъизи дæн,
афтæмæй йæ нæ рахицæн кодтон, мардæн
дзы рухсаг нæ загътон. Дунедарæджы, мæ
Хуыцауы, ныхасмæ хъуыстон, алцæмæй дæр
Дын Дæ фæндон æххæст кодтон. 15Æркæс
нæм уæдæ уæларвæй, Дæ уаз бадæнæй! Арфæ
ракæн Дæ адæмæн, Израилæн, стæй, махæн
æй раттынæй нæ фыдæлтæн зæрдæ цы зæх-
хæй бавæрдтай æмæ нын кæй радтай, æхсыр
æмæ мыд кæцæй хъары, уыцы зæххæн".

16Абон уын Дунедарæг, уæ Хуыцау, зæгъы,
цæмæй ацы фæтк æмæ уагæвæрдты сæрты
ма хизат. Æнувыдæй æмæ сæ зæрдиагæй
æххæст кæнут! 17Дунедарæгæн загътат сы-
мах абон, уæ Хуыцау кæй у, Йæ фæндæгтыл
кæй цæудзыстут æмæ Йын Йæ фæтк, Йæ
фæдзæхстытæ æмæ Йæ уагæвæрдтæ кæй
æххæст кæндзыстут, кæй Йæм хъусдзыстут.
18Дунедарæг та загъта сымахæн, зæрдæ уын
куыд бавæрдта, афтæ Йе 'взæрст адæм кæй
уыдзыстут æмæ Йын Йæ фæдзæхстытæ кæй
хъуамæ æххæст кæнат. 19Цæмæй уæ, кæй
сæвзæрын кодта, æппæт уыцы адæмтæй
уæлдæр сæвæра, кад, намыс æмæ уæ æппæт
хæрзты аккаг скæна, æмæ, зæрдæ уын куыд
бавæрдта, афтæ Дунедарæджы, уæ Хуыцауы,
уаз адæм уат».

**27** Æмæ, израилæгты хистæртæ йемæ, аф-
тæмæй загъта адæмæн Моисей: «Абон уын
æз цыдæриддæр фæдзæхсын, уыдон æххæст
кæнут. 2Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн
кæй дætты, уыцы бæстæм куы ахизат Иор-
даны фаллаг фарсмæ, уæд дзы стыр дуртæ
сæвæрут æмæ сæ чъырæй сцæгъдут. 3Фаллаг
фарсмæ куы бахизат, Дунедарæг, уæ Хуыцау,
сымахæн кæй дætты, æхсыр æмæ мыд кæ-
цæй хъары, уыцы зæхмæ бацæуыны охыл,
Дунедарæг, уæ фыдæлты Хуыцау, сымахæн
зæрдæ куыд бавæрдта, афтæ, уæд-иу сыл ацы
Æгъдауы ныхæстæ иууылдæр ныффыссут.
4Иорданы фаллаг фарсмæ куы ахизат, уæд,
цы дуртæй уын зæгъын, уыдон Эвалы хохы
сæр сæвæрут æмæ сæ чъырæй сцæгъдут.
5Уыцы ран Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн,
ныввондхæссæн саразут, æфсæйнаг кæуыл
нæ андзæвыди, ахæм дуртæй. 6Æнæвнæлд
дуртæй скæнут ныввондхæссæн Дунедарæ-
гæн, уæ Хуыцауæн, æмæ йыл хæссут иу-
уылсудзинаг нывæндтæ Дунедарæгæн, уæ
Хуыцауæн. 7Фидыды нывæндтæ хæссут æмæ
хæрут, цин кæнут Дунедарæджы, уæ Хуыца-
уы, раз. 8Дзæбæх куыд зыной æмæ сын æн-
цонæй равзарæн куыд уа, афтæ ныффыссут
дуртыл ацы Æгъдауы ныхæстæ».

9Моисей, сауджын левиттæ йемæ, афтæ-
мæй загъта æгас Израилæн: «Лæмбынæг
хъусут, израилæгтæ! Абон сымах баистут
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, адæм. 10Хъусут
уæдæ Дунедарæгмæ, уæ Хуыцаумæ, æмæ
æххæст кæнут, абон уын кæй дзурын, Йæ
уыцы фæдзæхстытæ æмæ фæтк».

11Уыцы бон Моисей бафæдзæхста адæ-
мæн: 12«Иорданы сæрты куы ахизат, уæд
Симеон, Левий, Иудæ, Иссахар, Йосеф æмæ
Бениамины мыггæгтæ хъуамæ Геризимы хо-
хыл æрлæууой æмæ адæмæн арфæ ракæной.
13Рувим, Гад, Асир, Зевулон, Дан æмæ Неф-
фалимы мыггæгтæ та Эвалы хохыл хъуамæ
æрлæууой æмæ сæ фелгъитой.

14Левиттæ хъуамæ хъæлæсыдзагæй ныхъ-
хъæр кæной æмæ фехъусын кæной æппæт
израилæгтæн: 15„Æлгъыст фæуæд, Дунеда-
рæгæн æлгъаг чи у, ахæм гуымиры чи сараза,
æрмдæсныйы конд гуымиры сусæгæй чи
сæвæра, уый!" Адæм та иууылдæр иумæ
зæгъæнт: „Аммен!"

16„Æлгъыст фæуæд, йæ фыды кæнæ йæ
мады чи бафхæра, уый!" Адæм та иууылдæр
иумæ зæгъæнт: „Аммен!"

17„Æлгъыст фæуæд, йæ сыхаджы арæнæл
фалдæр чи ахæца!"

Адæм та иууылдæр иумæ зæгъæнт:
„Аммен!"

18„Æлгъыст фæуæд, куырм адæймаджы
галиу фæндагмæ чи аздаха, уый!"

Адæм та иууылдæр иумæ зæгъæнт:
„Аммен!"

19„Æлгъыст фæуæд, æрцæуæггаг, сидзæр
æмæ сидзæргæсы бартæ йæ къæхты бын
чи кæна, уый!"

Адæм та иууылдæр иумæ зæгъæнт:
„Аммен!"

20„Æлгъыст фæуæд, йæ фыды усимæ æмуат
чи æрцæуа, йæ фыды чи фегад кæна, уый!"

Адæм та иууылдæр иумæ зæгъæнт:
„Аммен!"

21„Æлгъыст фæуæд, фосимæ чи схуысса,
уый!"

Адæм та иууылдæр иумæ зæгъæнт:
„Аммен!"

22„Ælгъыст фæуæд, йæ хæрз хоимæ кæнæ
мадæй иу, фыдæй хицæн, йе та фыдæй иу,
мадæй хицæн цы хоимæ сты, уыимæ æмуат
чи æрцæуа, уый!“
Адæм та иуулдæр иумæ зæгъæнт:
„Аммен!“
23„Ælгъыст фæуæд, йæ усы мадимæ æмуат
чи æрцæуа, уый!“
Адæм та иуулдæр иумæ зæгъæнт:
„Аммен!“
24„Ælгъыст фæуæд, сусæгæй искæй чи
амара!“ Адæм та иуулдæр иумæ зæгъæнт:
„Аммен!“
25„Ælгъыст фæуæд, искæй амарын æмæ
æнаххос адæймаджы туг ныккалыны тых-
хæй гæртам чи райса, уый!“ Адæм та иуул-
дæр иумæ зæгъæнт: „Аммен!“
26„Ælгъыст фæуæд, ацы Æгъдау чи нæ
нымайа æмæ йын йæ алы ныхас дæр чи не
’ххæст кæна, уый!“ Адæм та иуулдæр иумæ
зæгъæнт: „Аммен!“

**28** Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, коммæ куы
кæсай æмæ уын кæй дзурын, Йæ уыцы фæ-
дзæхстытæ бæстон куы æххæст кæнай, уæд
уæ Дунедарæг, уæ Хуыцау, æппæт адæмтæй
уæлдæр сæвæрдзæн. 2Дунедарæджы, дæ
Хуыцауы, коммæ куы кæсай, уæд дыл мæ-
нæ ацы арфæтæ иуулдæр æрцæудзысты.
3Арфæгонд уыдзынæ сахары, арфæгонд
уыдзынæ быдыры.
4Арфæгонд уыдзысты дæ зæнæг æмæ дæ
зæххы тыллæг, де стуртæ æмæ дæ фысво-
сы цæуæт.
5Арфæгонд уыдзысты дæ чыргъæд æмæ
дæ арынг.
6Арфæгонд уыдзæн дæ рацыд æмæ дæ
бацыд.
7Дунедарæг уын лидзæг фæкæндзæн уе
знæгты: иу фæндагыл уæ ныхмæ ралæудзыс-
ты, авд фæндагыл та уæ разæй лидздзысты.
8Арфæгонд уыдзысты Дунедарæгæй уæ
хордæтты бæркад æмæ уæ алы къухвæллой,
арфæгонд уыдзыстут алцæмæй дæр, Дунеда-
рæг, уæ Хуыцау, сымахæн цы бæстæ дæтты,
уым. 9Йæ фæдзæхстытæ Йын куы æххæст кæ-
нат æмæ Йæ фæндæгтыл куы цæуат, уæд уæ
Дунедарæг, куыд уын расомы кодта, афтæ Йæ
уаз адæм скæндзæн. 10Æмæ фендзысты уæд
æппæт дунейы адæмтæ, Дунедарæджы ном
кæй хæссут, уый æмæ уæ тæрсдзысты. 11Алы
хорзæхæй уæ схайджын кæндзæн Дунедарæг:
зæнæг, фос æмæ уæм тыллæг бирæ уыдзæн,
Дунедарæг уæ фыдæлтæн зæрдæ кæмæй
бавæрдта, уыцы зæххыл. 12Байгом кæндзæн
Дунедарæг сымахæн Йæ фарны хæзнадон —
арв, æмæ афоныл уардзæн къæвда уæ зæххыл,
æмæ арфæгонд уыдзæн Дунедарæгæй уæ алы
къухвæллой. Бирæ адæмтæн дæтдзыстут
æфстау, фæлæ уæхæдæг хæсагур никæмæ
цæудзыстут. 13Дунедарæг уæ скæндзæн къæ-
дзил нæ, фæлæ сæр, сымах бынæй нæ, фæлæ
уæле уыдзыстут, Дунедарæджы фæдзæхсты-
тæм куы хъусат æмæ сæ, æз уын куыд дзурын,
афтæ куы æххæст кæнат, 14цыдæриддæр уын
фæдзæхсын, уымæй рахизæрдæм дæр æмæ
галиуæрдæм дæр куынæ фæзилат, æндæр
хуыцæутты фæдыл куынæ адзæгъæл уат
æмæ сæм кувын куынæ райдайат, уæд.
15Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, коммæ ку-
ынæ кæсат æмæ, абон уын æз кæй дзурын,
æппæт уыцы фæдзæхстытæ æмæ фæтк ку-
ынæ æххæст кæнат, уæд та уыл мæнæ ацы
æлгъыстытæ æрцæудзысты.
16Ælгъыст уыдзынæ сахары, æлгъыст уы-
дзынæ быдыры.
17Ælгъыст уыдзысты дæ чыргъæд æмæ
дæ арынг.
18Ælгъыст уыдзысты дæ зæнæг æмæ дæ
зæххы тыллæг, де стуртæ æмæ дæ фысво-
сы цæуæт.
19Ælгъыст уыдзæн дæ рацыд æмæ дæ
бацыд.
20Дунедарæджы æлгъыст дæ баййафдзæн
æмæ, цæмæдæриддæр бавналай, дæ къухты
алы фыдæбон дæр дын уыдзæн маст æмæ
фыдбылызы хос. Дæ фыдракæндты аххо-
сæй, Мæнылдæхи кæй атигъ кодтай, уый
тыххæй рæхджы фесæфдзынæ, мыггагы-
скъуыд фæуыдзынæ. 21Дунедарæг уыл рын
сыстын кæндзæн æмæ, уæхи бакæнынмæ
кæдæм цæут, уыцы зæххыл уæ кой дæр нал
фæзындзæн. 22Дунедарæг уыл бафтаудзæни
тарниз, тæфсæг æмæ тæвдниз, æнтæф æмæ
хусрæстæг, уырaугæ дымгæ уыл рауадздзæн,
хъуына уыл схæцын кæндзæн, æмæ бабын
уыдзыстут. 23Уæ сæрмæ арв фестдзæн æрхуы,
уæ къæхты бын зæхх — æфсæн. 24Къæвда-
йы бæсты уын Дунедарæг уæ зæххыл рыг
æмæ фæнык æруарын кæндзæн, æмæ уæ
цалынмæ бынысскъуыд фæкæна, уæдмæ нæ
банцайдзæни уыцы уарын.
25Дунедарæг уæ лидзæг фæкæндзæни уе
знæгты разæй: иу фæндагыл сæ ныхмæ ра-
лæудзыстут, авд фæндагыл та сæ разæй
лидздзыстут. Уæ хъысмæтæй æппæт ду-
нейы адæмтæ дæр ныккæрздзысты. 26Уæ
мæрдтыл уын тæхаг мæргътæ æмæ зæххон
сырдтæ æмбырдтæ кæндзысты, æмæ сæ
асурæг нæ уыдзæн.

27Дунедарæг дын мысырæгты хуызæн дæ
буар сынкъ æмæ цъутхал фестын кæндзæн,
хæлмагæй дæ ницыуал зындзæн, хордзо-
ны тугнизæй хъæрздзынæ æмæ дын хос
нæ уыдзæн. 28Дæ зонд дын фæцæуын кæн-
дзæн Дунедарæг, саугуырм бауыдзынæ, кæм
дæ æмæ цы дæ, уый дæр нал æмбардзынæ.
29Саугуырмау бон-сихорафон дæ развæн-
даг уырзæй сгардзынæ. Дæ хъуыддæгтæй
ницы фæрæстмæ уыдзæн, æдзухдæр дæ
ссæнддзысты æмæ стигъдзысты, æмæ дын
сæрылхæцæг нæ уыдзæн.

30Сылгоймагимæ бафидаудзынæ, фæлæ
дæ усаг æндæры бауыдзæн. Хæдзар сараз-
дзынæ, фæлæ дзы æндæр чидæр æрцæрдзæн.
Сæндон скæндзынæ, фæлæ дзы тыллæг не
'рæмбырд кæндзынæ. 31Дæ цæстыты раз
дын дæ гал аргæвддзысты, фæлæ дзы ды
нæ фæхъæстæ уыдзынæ. Дæ хæрæг дын
байсдзысты, æмæ дын æй фæстæмæ нал
ратдзысты. Де знæгты амæттаг бауыдзысты
дæ фысвос, æмæ дын ничи баххуыс кæндзæн.
32Дæ фырттæ æмæ дæ чызджытæ æцæгæлон
адæмы хай бауыдзысты. Бонæй-бонмæ дæ
цæстытæ ныуурс уыдзысты, уыдонмæ æн-
хъæлмæ кæсгæйæ, фæлæ дæ бон ницы уы-
дзæн. 33Дæ зæххы тыллæг æмæ дæ къухты
фæллой дын, кæй никуы зыдтай, уыцы адæм
хæрдзысты, ды та дæ бонтæ ссæст æмæ æф-
хæрдæй тондзынæ. 34Æмæ сæрра уыдзынæ,
æппæт уыдæттæм кæсгæйæ.

35Дунедарæджы азарæй дæ уæрджытæ
æмæ дæ зæнгтæ рафаддзысты, æмæ сын хос
нæ ардзынæ, сæрæй къæхтæм сынчъытæй
нал зындзынæ. 36Уæхи дæр æмæ, уæхицæн
паддзахæй кæй сæвæрат, уый дæр Дунеда-
рæг акæндзæни, сымах дæр кæй нæ зонут
æмæ уæ фыдæлтæ дæр кæй нæ зыдтой, ахæм
адæмы 'хсæнмæ, æмæ уыцы ран æндæр хуы-
цæуттæн — бæлæстæ æмæ дуртæн — лæггад
кæндзыстут. 37Дунедарæг уæ цы адæмтæм
фæкæна, уыдон-иу уæ хъысмæтæй нык-
кæрздзысты, æмбисондæн уæ хæсдзысты
æмæ уыл худдзысты. 38Бирæ мыггаг бай-
таудзыстут быдыры, фæлæ дзы хор бирæ
нæ сисдзыстут — мæтыхтæ йæ аныхъуыр-
дзысты. 39Сæндæттæ скæндзыстут æмæ сæм
зилдзыстут, фæлæ нæдæр сæн фендзыстут,
нæдæр дзы уæ рæбыны æрæвæрдзыстут —
зулчъытæ сæ бахæрдзысты. 40Уæ бæстæйы
оливæ бæлæстæ бирæ уыдзæн, сой та — стæм,
уымæн æмæ сæ дыргътæ азгъæлдзысты.
41Фырттæ æмæ чызджыты хицау бауыдзыс-
тут, фæлæ уемæ нæ баззайдзысты — уаца-
ры сæ акæндзысты. 42Уæ бæлæстæ æмæ уæ
зæххы тыллæг иууылдæр зулчъыты амæттаг
бауыдзæн. 43Уе 'хсæн цы 'рцæуæггæгтæ ис,
уыдон уæ цуры уæлдæрæй-уæлдæр кæн-
дзысты, сымах та — дæлдæрæй-дæлдæр.
44Уыдон сымахмæ нæ, фæлæ сымах уыдонмæ
уайдзыстут æфстаугур. Уыдон уыдзысты
сæр, сымах та — къæдзил.

45Ацы æлгъыстытæ уыл иууылдæр æрцæу-
дзысты. Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, коммæ
кæй нæ кастыстут, Йæ фæдзæхстытæ æмæ
Йын Йæ фæтк кæй не 'ххæст кодтат, уый
тыххæй уæ фæдыл æфтыд уыдзысты æмæ
уæ уæгъд не суадздзысты, цалынмæ бын-
дзагъд фæуат, уæдмæ. 46Уæхицæн дæр æмæ
уæ байзæддæгтæн дæр уыцы æлгъыстытæ
æвдисæйнаг æмæ рагфæдзæхст уыдзысты
тъымы-тъымамæ.

47Алцыдæр уæм парахатæй куы уыди, уæд
цингæнгæйæ æмæ райгæйæ уæ Хуыцауæн
кæй нæ лæггад кодтат, 48уый тыххæй, дой-
ны æмæ сыдæй мæлгæйæ, бæгънæг æмæ
гæвзыккæй, Дунедарæг уæ кæй ахæсты
фæкæна, уыцы знæгтæн лæггад кæндзыс-
тут. Цалынмæ бынсæфт фæуат, уæдмæ уæ
уыдон æфсæн æфсондзы бын дардзысты.
49Дунедарæджы фæндæй уыл арвы кæронæй
цæргæсау сæхи ныццæвдзысты, се 'взаг дæр
кæмæн не 'мбардзыстут, ахæм адæм, 50зæ-
рондæй дæр чи нæ фефсæрмы уыдзæн æмæ
æвзонгæн дæр чи нæ батæригъæд кæндзæн,
ахæм къæйных адæм. 51Уæ фос æмæ уын уæ
зæххы тыллæг аныхъуырдзысты, æмæ баца-
рæфтыд уыдзыстут. Хоры гага, сæны цъыртт
æмæ уын оливæйы сойы æртах нал ныу-
уадздзысты, уе стуртæ æмæ фысвосæй уæ
æнæхай фæкæндзысты, æмæ фесæфдзыстут.
52Уыдон уæ уынгæг кæндзысты уæ бæстæйы
алы сахары дæр, цалынмæ, уæ зæрдæ кæуыл
лæууы, уыцы бæрзонд æмæ фидар гæнæхтæ
æрызгъæлой, уæдмæ. Æрхъула кæндзысты,
Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн кæй радта,
уыцы бæстæйы алы сахарыл дæр.

53Знаг уæ цъысыммæ куы батæра, уæд уæ
хъæбултæн, Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн
кæй радта, уыцы фырттæ æмæ чызджытæн
сæ фыд хæрынмæ æрцæудзыстут. 54Хъал
цардыл ахуыр чи уыди, уыцы уæздан лæг
бирæгъы каст кæндзæни йе 'фсымæрмæ, йæ
бинойнагмæ, æгас ма йын чи уа, уыцы хъæ-
бултæм. 55Йæ хъæбулты фыдæй никæмæн
бахай кæндзæн, йæхæдæг ыл рабаддзæн,
уымæн æмæ уæ сæргой фæкæндзысты уе
знæгтæ, уæ сахартæ иууылдæр цъысимы
бахаудзысты, æмæ уын æндæр бахæринаг
ницы уыдзæн. 56Йæ фыр буцæй æмæ йæ

фыр хъалæй зæххыл дæр чи нал хæцыд,
уыцы сылгоймаг бирæгъы каст кæндзæни
йæ моймæ, йæ лæппу æмæ йæ чызгмæ; 57ар-
гæ-арын йæ хуылфæй цы 'мбайлаг рацæуы,
уымæ, стæй йæ ноггуырд сабитæм. Сусæгæй
сæ бахæрдзæн, уымæн æмæ уæ уе знæгтæ
сæргой фæкæндзысты, уæ сахартæ иууыл-
дæр цъысимы бахаудзысты.
58Ацы чиныг цы Æгъдауыл дзуры, уый
бæстон куынæ æххæст кæнат æмæ Дунеда-
рæгæй, уæ Хуыцауæй, куынæ тæрсат, 59уæд
Дунедарæг сымахыл дæр æмæ уæ байзæд-
дæгтыл дæр стыр бæллæхтæ æруадздзæн,
æмæ сын кæрон нæ уыдзæн, уæззау æмæ,
бирæ чи хæссы, ахæм низтæ уыл æфтаудзæн
æдзухдæр. 60Æмризæджы кæмæй ризут, уы-
цы мысыраг низтæ уыл ныххæцын кæндзæн,
æмæ уын сæ фервæзæн нæ уыдзæн. 61Æгъда-
уы чиныджы кæй тыххæй нæй фыст, Дуне-
дарæг ма уыл ахæм цæфтæ дæр æруадздзæн,
ахæм низтæ дæр ма уыл бафтаудзæн, æмæ
мыггагыскъуыд фæуыдзыстут. 62Арвы стъа-
лытау сбирæ уыдзыстут, фæлæ уæ удæгасæй,
стæмтæй уæлдай, ничи баззайдзæн, уымæн
æмæ Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, коммæ нæ
кастыстут. 63Йæ хорзæхтæ уыл куы калдта
æмæ уын уæ мыггаг куы бирæ кодта, уæд
куыд ради Дунедарæг, афтæ райдзæни Уый,
куы уæ цæгъда æмæ уæ мыггагыскъуыд куы
кæна, уæд дæр. Уæхи бакæнынмæ цы зæхмæ
цæут, уырдыгæй фæхаудзыстут.
64Зæххы цъары иу кæронæй иннæ кæронмæ
уæ ныххæлиу кæндзæн Дунедарæг дунейы
æппæт адæмты 'хсæн æмæ, уæхæдæг дæр
кæмæн ницы зонут æмæ уæ фыдæлтæн дæр
æнæзонгæ чи уыдысты, уыцы хуыцæуттæн —
дуртæ æмæ бæлæстæн — лæггад кæндзыстут.
65Фæлæ уыцы адæмты 'хсæн дæр æнцой не
ссардзыстут, уæ къæхты фæллад дзы не суадз-
дзыстут. Дунедарæджы фæндæй уæ зæрдæ-
тыл ризæг бахæцдзæн, уæ цæстыты цæхæр
бамынæг уыдзæн, бастайдзысты уæ удтæ.
66Дæ уд ма дæ мидæг æнæбары тæпп-тæпп
кæндзæн, де 'хсæвтæ æмæ дæ бонтæ тæрс-
гæ-ризгæйæ æрвитдзынæ, æмæ дæ ныфс нæ
уыдзæни сомбонæй. 67Боныгон æхсæвмæ
бæлдзынæ, æхсæвыгон та — бонмæ, дæ зæр-
дæйы цы тас уа æмæ дæ цæстæй цы уынай,
уый адæргæй. 68Æз уын афтæ кæмæй загътон,
нал æй фендзыстут, зæгъгæ, раст уæ уыцы
фæндагыл уæ наутыл аздахдзæни Дунеда-
рæг фæстæмæ Мысырмæ. Нæлгоймагæй,
сылгоймагæй уыцы ран уымæ бæлдзыстут,
цæмæй уæ исчи йæхицæн цагъайраг скæна,
фæлæ уæ хъуыдыгæнæг нæ уыдзæн».

**29** Адон сты, Дунедарæг Моисейæн израи-
лæгтимæ Моавы цы фидыд саразын бафæ-
дзæхста, уый домæнтæ, — Дунедарæг Хоревы
рæбын семæ кæй сарæзта, уыцы фидыдæн
уæлæмхасæн.

2Моисей фæдзырдта æппæт израилæг-
тæм æмæ сын загъта: «Уæхи цæстæй федтат
Мысыры, Дунедарæг фараонæн, йæ дæл-
дæртæн æмæ йæ бæстæйæн цытæ бакодта,
уый. 3Сымах уæхи цæстæй федтат уыцы
стыр фыдæвзарæнтæ, æвдисæйнæгтæ æмæ
диссæгтæ. 4Фæлæ уын абоны онг Дунедарæг
нæдæр зонд радта, цæмæй æмбарат, нæдæр —
цæстытæ, цæмæй уынат, нæдæр — хъустæ,
цæмæй хъусат.
5Дыууиссæдз азы дæргъы уæ æдзæрæг
быдыры фæкодтон, фæлæ уæ дарæс дæр
нæ баихсыди уæ уæлæ, æмæ уæ дзабыртæ
дæр нæ баихсыдысты уæ къæхтыл. 6Нæдæр
къæбæры хъæстæ фестут, нæдæр — сæн æмæ
бæгæныйы, цæмæй бамбарат: Æз Дунедарæг
дæн, уæ Хуыцау!
7Ацы ранмæ куы 'рбацыдыстут, уæд нæ
ныхмæ ралæууыдысты Сигон, Хешбоны
паддзах, æмæ Ог, Башаны паддзах, фæлæ
сæ мах ныддæрæн кодтам. 8Сæ зæхх сын
нæхи бакодтам æмæ йæ Рувим æмæ Гады,
стæй Менассиайы байзæддæгтæн се 'мбисы
æхсæн байуæрстам.
9Ацы фидыды сæрты ма хизут, бæстон
æй æххæст кæнут, цæмæй уæ алы хъуыддаг
дæр рæстмæ уа.
10Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, раз лæуут
ныртæккæ сымах уе 'ппæт дæр: мыггæгты
фætæгтæ, уæ хистæртæ, уæ цæстдарджы-
тæ, æппæт израилæгтæ, 11сабитæ, сылгой-
мæгтæ æмæ æрцæуæггæгтæ, сугсæттæгæй
донхæссæджы онг. 12Абон Дунедарæг, уæ
Хуыцау, уемæ ацы фидыд аразы æмæ йæ
фидар кæны æлгъыстытæй, 13цæмæй уæ
Йæ адæм схона, зæрдæ уын куыд бавæрдта
æмæ уæ фыдæлтæ Авраам, Исаак æмæ Йа-
ковæн куыд басомы кодта, афтæ уæ Хуыцау
уа. 14Канд сымахмæ нæ хауы ацы фидыд,
æлгъыстытæй фидаргонд чи у, уый: 15ныр-
тæккæ немæ Дунедарæджы, нæ Хуыцауы,
раз чи лæууы, уыдонмæ куыд хауы, афтæ,
абон не 'хсæн чи нæй, уыдонмæ дæр хауы.
16Уæхæдæг æй зонут, Мысыры куыд цардыс-
тæм æмæ уый фæстæ алы бæстæтыл куыд
цыдыстæм, уый. 17Се 'лгъæгтæ — хъæдын
æмæ дурын, æвзист æмæ сыгъзæрин гуы-
мирытæ сын федтат. 18Ма разынæд уе 'хсæн
ахæм нæлгоймаг кæнæ сылгоймаг, ахæм

мыггаг кæнæ хæдзарвæндаг, Дунедарæгыл,
нæ Хуыцауыл, йæхи чи атигъ кæна æмæ уы-
цы адæмты хуыцæуттæн чи лæггад кæна! Ма
разынæд уе 'хсæн маргджын зайæгой кæнæ
скъæлдзойы уидаг! 19 Ацы карз æлгъысты
ныхæстæм хъусгæйæ, афтæ чи зæгъа, мæ
хивæнд зæрдæйы фæдыл цæудзынæн, зæгъ-
гæ, уый арфæгонд нæ уыдзæн. Афтæмæй
донæфсæст зæхх дæр æмæ, æнæ донæй чи
ныххус, уыцы зæхх дæр бабын уыдзысты.
20 Ахæм адæймагæн Дунедарæг нæ ныххатыр
кæндзæн, Йæ маст пиллон артау ссудздзæн
уыцы адæймагмæ, ацы чиныджы æлгъысты-
тæ йыл æрцæудзысты, æмæ арвы бын йæ кой
дæр нал фæзындзæн. 21 Израилы мыггæгты
'хсæнæй йæ рахицæн кæндзæн Дунедарæг,
цæмæй йын ацы тухгæ чиныджы фыст æл-
гъыстытæ йæ хай фæкæна. 22 Уæ фæстæ чи
рахъомыл уа, уыцы фæлтæртæ дæр æмæ
дардбæстаг æцæгæлæттæ дæр зæгъдзысты,
ацы бæстæйы бæллæхтæ æмæ йыл Дунеда-
рæг цы рынтæ бафтыдта, уыдонмæ кæсгæйæ,
23 æнæхъæн бæстæйы бынаты сондон, цæхх
æмæ сыгъдон уынгæйæ, садзгæ дæр кæм
ницыуал кæндзысты æмæ зайгæ дæр кæм
ницыуал æркæндзæн, раст, Дунедарæг Йæ
фыр мæстæй кæй бабын кодта, уыцы Содом
æмæ Гоморрæ, Адма æмæ Цевоимы сахартау.
24 Æппæт адæмтæ зæгъдзысты: „Дунедарæг
ацы бæстæйæн афтæтæ цæмæн бакодта? Уый
бæрц æм цæуыл ссыгъд Йæ маст?“ 25 Æмæ
сын загъд уыдзæни: „Дунедарæг, сæ фы-
дæлты Хуыцау, сæ фыдæлтимæ, Мысырæй
сæ куы ракодта, уæд цы фидыд саразта, уый
ферох кодтой, 26 æндæр хуыцæуттæн лæг-
гад кæнын райдыдтой, зонгæ дæр кæй нæ
кодтой æмæ сын Уый кæй не 'снысан кодта,
уыцы хуыцæуттæм куывтой. 27 Уыйадыл
Дунедарæджы маст рафыхти ацы бæстæм
æмæ, ацы тухгæ чиныджы цыдæриддæр
æлгъыстæй ис, уыдон ыл æрцæуын кодта.
28 Дунедарæгæн Йæ маст ссыгъди, æмæ сæ
æндæр бæстæм фæсырдта сæ зæххæй, ны-
ронг дæр уым сты“. 29 Сусæг цы у, уый ис
Дунедарæгмæ, нæ Хуыцаумæ; æргом цы у,
уый та мыггагмæ лæвæрд у махæн æмæ нæ
байзæддагæн, цæмæй бæстон æххæст кæ-
нæм ацы Æгъдауы алы дзырд дæр.

**30** Æппæт ацы арфæтæ æмæ æлгъыстытæ
уыл куы æрцæуой, Дунедарæг уæ, уæ Хуы-
цау, æппæт адæмты 'хсæн куы ныххæлиу
кæна æмæ, се 'хсæн æрцæргæйæ, уæхи куы
æрæмбарат, 2 Дунедарæгмæ, уæ Хуыцаумæ,
куы раздæхат, сымах дæр æмæ уæ цот дæр
Йæ коммæ куы кæсат æмæ уын абон цы-
дæриддæр фæдзæхсын, уыдон зæрдиагæй
куы æххæст кæнат, 3 уæд уын Дунедарæг, уæ
Хуыцау, ныххатыр кæндзæн, уæ раздæры
æдыхст цард уын фæстæмæ раздахдзæн,
дунейы адæмты 'хсæнæй уæ æрæмбырд
кæндзæн, 4 Арвы кæрон куы ныххæлиу уа
уæ хъæстæ, уæд дæр уæ æрбаиу кæндзæни
Дунедарæг, уæ Хуыцау, æмæ уæ фæстæмæ
æрбаздахдзæн. 5 Æркæндзæни уæ Дунедарæг,
уæ Хуыцау, уæ фыдæлты бæстæм, æмæ йæ
уæхи бакæндзыстут. Дунедарæджы хорзæ-
хæй даргъ-уæрæх ацæудзæн уæ мыггаг, уæ
фыдæлтæй фæфылдæр уыдзыстут.

6 Дунедарæг, уæ Хуыцау, сунæт скæндзæн
уæ зæрдæтæн, стæй уæ байзæддæгты зæр-
дæтæн дæр, цæмæй Дунедарæджы, уæ Хуы-
цауы, уарзат æппæт зæрдæйæ æмæ баззайат
сæрæгасæй. 7 Уæд Дунедарæг, уæ Хуыцау,
ацы æлгъыстытæ иуулдæр уе знæгты, чи
уæ нæ уарзы æмæ уæ фæдыл чи зылд, уы-
доны ныхмæ сараздзæн. 8 Сымах та ногæй
Дунедарæджы коммæ кæсдзыстут æмæ Йын
æххæст кæндзыстут Йе 'ппæт фæдзæхсты-
тæ, абон уын æз кæй хъусын кæнын, уыдон.
9 Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн алцыдæр
парахатæй ратдзæн, уæ алы хъуыддаг дæр
уыдзæни æнтыстджын; уæ байзæддаг, уæ
фосы зæйц æмæ уæ зæххы тыллæг арфæ-
гонд уыдзысты. Йæ хорзæхтæ уын лæвар
кæнгæйæ, Дунедарæг ногæй цин кæндзæни,
уæ фыдæлтыл куыд цин кодта, афтæ, 10 Ду-
недарæджы, уæ Хуыцауы, коммæ куы кæсат,
ацы Æгъдауы чиныджы цы фæдзæхстытæ
æмæ уагæвæрдтæ фыст ис, уыдон куы æх-
хæст кæнат, Дунедарæгмæ, уæ Хуыцаумæ,
æппæт зæрдæйæ æмæ æппæт уды хъаруйæ
уе 'ргом куы раздахат, уæд.

11 Абон уын æз цы фæдзæхстытæ дæттын,
уыдон, уæ зонд цæмæ сæххæсса, уымæй
уæлдæр не сты, æгæр дард дæр не сты сыма-
хæй. 12 Уæларвы не сты, цæмæй афтæ зæгъат,
уæларвмæ чи ссæудзæн æмæ нын сæ чи
æрхæсдзæн, цæмæй сæ мах æххæст кæнæм,
зæгъгæ. 13 Фæсденджыз не сты, цæмæй афтæ
зæгъат, чи фæцæудзæн мах тыххæй фæсден-
джызмæ æмæ нын сæ чи æрбахæсдзæн, цæ-
мæй сæ мах æххæст кæнæм, зæгъгæ. 14 Тынг
хæстæг уæм сты уыдон — уæ дæлæвзаг æмæ
уæ зæрдæйы рæбын, æмæ сæ уæ бон æххæст
кæнын у.

15 Æз уын абон уæ разы æвæрын: цард
æмæ фарн кæнæ — мæлæт æмæ фыдбæл-
лæх. 16 Абон уын куыд зæгъын, афтæ Ду-
недарæджы, уæ Хуыцауы, куы уарзат, Йæ

фæндæгтыл куы цæуат æмæ Йын Йæ фæ-
дзæхстытæ, Йæ фæтк æмæ Йæ уагæвæрдтæ
куы æххæст кæнат, уæд цæрдзыстут æмæ
сбирæ уыдзыстут; Дунедарæгæй, уæ Хуы-
цауæй, арфæгонд уыдзыстут, уæхи бакæ-
нынмæ цы бæстæм цæут, уым. 17Фæлæ Йыл
уæхи куы атигъ кæнат, Йæ коммæ куынæ
кæсат, куы адзæгъæл уат æмæ æндæр хуы-
цæуттæм кувын æмæ сын лæггад кæнын
куы райдайат, 18уæд — æз уын æй абон зæ-
гъын — фесæфдзыстут. Иорданы фаллаг фарс
уæхи цы бæстæ бакæндзыстут, уым бирæ нæ
фæцæрдзыстут. 19Абон мын арв æмæ зæхх
æвдисæнтæ уæнт уæ разы, цард кæнæ мæлæт,
арфæ кæнæ уын æлгъыст хъардтон. Равзарут
цард, æмæ цæрын бантысдзæн сымахæн
дæр æмæ уæ байзæддæгтæн дæр, 20уарзут
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, хъусут Æм æмæ
Йыл уæ зæрдæ ма ивут, уымæн æмæ Уымæй
аразгæ у уæ цард, уæ цæрæнбон, Дунедарæг
нæ фыдæлтæ Авраам, Исаак æмæ Йаковæн
цы бæстæ раттыныл басомы кодта, уым».

**31** Моисей æгас Израилæн уыцы ныхæстæ
куы дзырдта, 2уæд ма сын ноджы загъта:
«Сæдæ дыууын азы мыл цæуы ныр. Цæуын-
тæн нал дæн. Дунедарæг мын загъта: „Иор-
даны сæрты нæ ахиздзынæ ды“. 3Дунедарæг,
уæ Хуыцау, Йæхæдæг уæ разæй ацæудзæн.
Ныццæгъддзæн Уый уымы цæрджыты, æмæ
сæ зæхх сымах бауыдзæн. Йешуа ацæудзæн
уæ разæй, Дунедарæг куыд загъта, афтæ.
4Аморæгты паддзæхтæ Сигон æмæ Огæн,
стæй сæ бæстæйæн куыд бакодта, афтæ
фесафдзæн Дунедарæг уыцы адæмты дæр.
5Уæ къухмæ уын ратдзæн Дунедарæг уыцы
адæмты, æмæ сын, куыддæриддæр уын ба-
фæдзæхстон, афтæ бакæндзыстут. 6Фидар
фæлæуут, ма фæтасут! Ма сæ тæрсут, уымæн
æмæ Дунедарæг, уæ Хуыцау, уемæ ис. Уый
уыл Йæхи нæ атигъ кæндзæн æмæ уæ нæ
ныуурадздзæн».

7Моисей фæсидти Йешуамæ æмæ йын
æппæт Израилы раз загъта: «Фидар лæуу
æмæ ма фæтас, уымæн æмæ ацы адæмы ды
акæндзынæ, Дунедарæг сын сæ фыдæлтæн
зæрдæ цы зæххæй бавæрдта, уырдæм. Ды
сын æй байуардзынæ. 8Дунедарæг Йæхæдæг
дæ разæй цæудзæн, демæ уыдзæн. Йæхи дыл
нæ атигъ кæндзæн, нæ дæ ныуурадздзæн. Ма
тæрс, ма фæтас!»

9Моисей ныффыста уыцы Æгъдау æмæ
йæ, Дунедарæджы Фидыды Чырын чи хас-
та, уыцы сауджынтæм, Левийы байзæд-
дæгтæм, стæй Израилы хистæртæм радта.
10Бафæдзæхста сын Моисей: «Авд азы фæстæ,
хатыр кæныны аз, Халагъудты бæрæгбоны,
11æппæт Израил куы æрбамбырд уой Дуне-
дарæджы, сæ Хуыцауы, раз, Йæ номыл цы
бынат равзара, уым, уæд-иу ацы Æгъдау
хъæрæй бакæсут, цæмæй йæ æгас Израил
дæр фехъуса. 12Æрæмбырд кæнут адæмы —
нæлгоймæгты, сылгоймæгты, сабиты, уæ
сахарты цæрæг æрцæуæггæгты, цæмæй хъу-
сой æмæ ахуыр кæной, цæмæй тæрсой Ду-
недарæгæй, уæ Хуыцауæй, æмæ ацы Æгъдау
бæстон æххæст кæной. 13Сæ цот, чи йæ нæма
зоны, уыдон дæр хъусæнт æмæ сахуыр уæнт,
цалынмæ, Иорданы фале уæхи цы бæстæ
бакæндзыстут, уым цæрат, уæдмæ æдзух-
дæр Дунедарæгæй, уæ Хуыцауæй, тæрсын».

14Дунедарæг загъта Моисейæн: «Дæуæн
бирæ цæрæнбон нал ис. Фæдзур Йешуамæ,
Фембæлды Цатыры Мæ разы æрлæуут, æмæ
йæ Æз бафæдзæхсон».

Моисей æмæ Йешуа бацыдысты Фембæл-
ды Цатырмæ. 15Дунедарæг сæм фæзынди
мигъы цæджындзы хуызы æмæ Цатыры
бахизæны ныллæууыд.

16Æмæ загъта Дунедарæг Моисейæн: «Ды
дæ сыджытыл куы бафтай, уæд ацы адæм,
кæй бæстæм цæуынц, уыдоны хуыцæутты
фæдыл адзæгъæл уыдзысты. Мæныл сæ-
хи атигъ кæндзысты, Мæ фидыды сæрты
ахиздзысты. 17Уыйадыл сæм Мæ маст ссудз-
дзæни, сæхи бар сæ ныууадздзынæн, Мæхи
сæм нал равдисдзынæн, æмæ сыл дудгæбон
куы акæна, бæллæхтæ æмæ фыдæвзарæн-
ты бын куы фæуой, уæд дзурдзысты: „Кæд,
нæ Хуыцау нæ кæй ныууагъта, уымæн ныл
æрцыдысты ацы фыдбылызтæ?!“ 18Æз та сæ
уæд, æндæр хуыцæутты фæдыл кæй ацы-
дысты, уый тыххæй Ме ’ргом аздахдзынæн.
19Уæдæ ныффыссут уæхимæ мæнæ ацы зарæг.
Сахуыр æй кæнæнт израилæгтæ æмæ йæ
æдзухдæр сæ былалгъыл дарæнт, цæмæй
Мын уый æвдисæн уа сæ ныхмæ. 20Сæ фы-
дæлтæн куыд басомы кодтон, афтæ сæ Æз,
æхсыр æмæ мыд кæцæй хъары, уыцы зæхмæ
бакæндзынæн, æмæ, æххормаг цы у, уый ку-
ынæуал зоной æмæ сыл хуыз куы фæхæца,
уæд æндæр хуыцæуттæм аздæхдзысты æмæ
уыдонæн лæггад кæндзысты, Мæн та ферох
кæндзысты, Мæ фидыды сæрты ахиздзысты.
21Уыйадыл бирæ фыдбылызтæ æмæ бæллæх-
тæ бавзардзысты, æмæ уæд ацы зарæг сæ
ныхмæ æвдисæн уыдзæн, уымæн æмæ йæ
сæ тъымы-тъыма дæр нæ ферох кæндзæн.

Сæ фыдæлтæн зæрдæ цы бæстæйæ ба-
вæрдтон, уырдæм сæ нæма бакодтон, фæлæ,

сæхи куыд равдисдзысты, уый Æз ныридæ-
гæн зонын».
[22]Ныффыста Моисей уыцы зарæг æмбойны
æмæ йæ израилæгтæн бацамыдта.
[23]Дунедарæг бафæдзæхста Йешуайæн, Ну-
ны фыртæн: «Ды бакæндзынæ израилæгты,
Æз сæ фыдæлтæн цы бæстæйы тыххæй ба-
сомы кодтон, уырдæм. Ма фæцуд, фидар
лæуу — Æз уыдзынæн демæ».
[24]Моисей Æгъдау райдайæнæй кæрон-
мæ фыст куы фæци чиныджы, [25]уæд загъта
левиттæн, Дунедарæджы Фидыды Чырын
хæсджытæн: [26]«Айсут ацы Æгъдау æмæ йæ
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, Фидыды Чыры-
ны цур бафснайут. Уым уæ ныхмæ æвдисæ-
ны хуызы лæудзæн, [27]уымæн æмæ æз хорз
зонын, куыд хивæнд æмæ æнæсæттон стут,
уый. Цалынмæ удæгас дæн æмæ уемæ дæн,
уæдмæ кæм нæ уисæн кæнут Дунедарæгæн,
уым ма, куы амæлон, уæд та цы уыдзæни?
[28]Фæдзурут мын уæ мыггæгты хистæртæ
æмæ уæ фæтæгтæм, æмæ сын æй æз зæгъон,
арв æмæ зæхх сæ ныхмæ æвдисæн ныллæу-
уын кæнон. [29]Уымæн æмæ йæ зонын, мæ
мæлæты фæстæ схъахбай уыдзыстут æмæ уæ
цы фæндагыл бафтыдтон, уымæй азилдзыс-
тут. Сомбон уыл фыдбылызтæ æрцæудзæн,
уымæн æмæ Дунедарæгæн æнæуынон ми-
тыл бафтдзыстут æмæ Йæ уæ хъуыддæгтæй
смæсты кæндзыстут».
[30]Моисей ацы зарæг азарыд райдианæй
кæронмæ, æппæт Израилы дзыллæ æрæм-
бырд сты æмæ йæм хъуыстой.

**32** «Æрыхъус, арв, æз дын цы зæгъон,
уымæ;
æрыхъус, зæхх, мæ ныхасмæ:
[2] Цы зонын, уый
фемæхсдзæни уарынау;
уыдзæни мæ дзыхы дзырд
сæууон æртæхау,
нæудзарыл тæрккъæвда æрцæуæгау,
кæрдæгыл саха ныккæлæгау.
[3] Дунедарæджы ном стаудзынæн!
Кад кæнут нæ Хуыцауæн!
[4] Уый у Къæдзæх.
Æнæлаз у Йæ алы хъуыддаг дæр,
Йæ алы фæндаг дæр — рæстаг.
Иузæрдион у Уый,
ницы Йæм ис сайдæй,
рæстаг у æмæ раст тæрхон кæны.
[5] Æгоммæгæс æмæ хъахбай фæлтæр
Йæ разы сæхи сæгад кодтой
æмæ Йын нал бæззынц хъæбултæн.
[6] Æнæзонд æмæ æнæсæр адæм,
Дунедарæгæн афтæ фидут
Йæ хæрзтæ?
Æви Уый уæ Фыд, уе Сфæлдисæг нæу?
Æви уæ Уый нæ равзæрын
æмæ нæ рантысын кодта?
[7] Æрхъуыды-ма кæн рагзамантæ,
раздæры фæлтæрты хабæрттæ.
Бафæрс-ма дæ фыды,
æмæ дын ракæндзæн сæ кой;
уæ зæрæдты-ма бафæрс,
æмæ дын радзурдзысты уыдон.
[8] Иууылбæрзонд адæмтæн
хæйттæ куы лæвæрдта
æмæ иу адæмы иннæмæй
куы хицæн кодта,
уæд сын сæ арæнтæ
Хуыцауы фыртты нымæцмæ гæсгæ
снысан кодта.
[9] Уымæн æмæ Дунедарæджы исбон —
Йæ адæм,
Йаков Дунедарæджы у.
[10] Æдзæрæг ран æй ссардта
æмæ йыл хъæддаг æрнæджы
Йæ арм дардта,
цæсты гагуыйау æй хъахъхъæдта.
[11] Цæргæс йæ ахстон куыд хъахъхъæна,
йæ лæппынты сæрмæ
куыд зилдух кæна,
афтæ йæ базыртæ айтыгъта
æмæ сæ фелвæста æмæ ахаста.
[12] Афтæ Дунедарæг дæр уыдоны
иунæгæй размæ кодта,
кæйдæр хуыцау нæ уыди семæ.
[13] Систа сæ Уый зæххы бæрзæндтæм
æмæ сæ быдыры тыллæгæй хаста,
айнæгæй сын мыд лæмæрста,
къæдзæхæй — оливæйы сой,
[14] æхсырысæртæ, сæгъы æхсыр сын
дардта,
башайнаг нард стуртæ
æмæ фысвосы фыдæй,
æвзаргæ мæнæуæй сæ хаста,
сæнæфсиры тугæй сын
сæ дойны уагъта.
[15] Афтæмæй Йешуруныл
хуыз фæхæцыд,
æмæ зæвæтдзæгъдæн систа.
Снард сты, сæ цармы нал цыдысты
æмæ коммæ нал кастысты.
Сæхи атигъ кодтой
се Скæнæг Хуыцауыл,
ныуугъуагътой сæ ирвæзæн Къæдзæхы.

**32:8** Кæнæ «Израилы байзæддæгты». **32:15** Арæх чи
не 'мбæлы, дзуттаг адæмы уыцы поэтикон ном.

16 Кæйдæрты фæзмгæйæ,
цы гуымирытæ сарæзтой,
уыдонæй Йын Йæ маст ссыгътой,
се 'лгъæгтæм сын смæсты ис.
17 Нывæндтæ Дунедарæгæн нæ,
фæлæ дæлимонтæн,
æрæджы чи фæзындис
æмæ уæ фыдæлтæ кæй нæ зыдтой,
уыцы гуымирытæн хастой.
18 Цы Къæдзæх уæ ныййардта,
Уый ныууагътат,
Кæй фæрцы рантыстыстут,
Уыцы Хуыцауы ферох кодтат.
19 Дунедарæг уый куы федта,
уæд фыр мæстæй атигъ кодта Йæхи
Йæ фырттæ æмæ Йæ чызджытыл.
20 Загъта: „Ме 'ргом сæ аздахдзынæн
æмæ, сæ кæрон цæмæ æрцæудзæн,
уый фендзынæн.
Мæнгард фæлтæр сты уыдон,
сæ хæс кæмæй ферох ис, ахæм цот.
21 Сæхицæн гуымирытæ сарæзтой,
смæсты Мæ кодтой,
æмæ Æз та афтæ бакæндзынæн,
æмæ адæм схонæн дæр кæмæн нæй,
уыдонмæ хæлæг кæндзысты.
Уадз æмæ уыцы æнæфенд адæммæ
мæстæй судзой.
22 Уымæн æмæ Мæ маст афтæ фыцы,
æмæ йæ пиллон арт
мæрдтыбæсты тарфмæ дæр
æнхъæвзы,
зæхх æмæ, зæххыл цыдæриддæр ис,
уыдон иууылдæр ныхъуыры,
хохрæбынтæ арауы.
23 Æз сыл Мæ фыдбылызтæ
бафтаудзынæн,
Мæ фæттæ сыл схардз кæндзынæн.
24 Стонгæй мæлдзысты,
тæвднизæй сæйдзысты,
рын сыл сыстдзæни.
Сырды ссыртыл æфтыд фæуыдзысты,
калмы маргæй цагъды кæндзысты.
25 Усгур лæппу æмæ чындздзон чызг,
дзидзидай саби æмæ урссæр зæронд
дуарæн æдде цыргъагæй
цагъды кæндзысты,
хæдзары мидæг та — фыр тæссæй.
26 Бæргæ сæ ныццæгъдин Æз,
адæмы 'хсæн сæ кой дæр нал уаид,
27 фæлæ сыл се знæгтæ фæхуыддзысты.
Фыдгултæ сæхицæй
ныхъхъал уыдзысты
æмæ зæгъдзысты,
уый дам сын Дунедарæг нæ,
фæлæ мах бакодтам афтæ.
28 Уымæн æмæ уыдон
сæрæй æххæст не сты
æмæ ницы æмбарынц.
29 Зондджындæр куы уаиккой,
уæд æй æмбариккой,
разæй сæм цы кæсы, уый.
30 Сæ Хъахъхъæнæджы
куынæ бафæндыдаид,
Дунедарæг сæ куынæ раттаид,
уæд ма искуыдæр афтæ уыдис,
æмæ иу адæймаг мины
йæ разæй айса,
дыууæйæ та дæс мины
лидзæг фæкæной?“
31 Сæ хъахъхъæнæг
нæ Хъахъхъæнæджы хуызæн кæй нæу,
уымæн не знæгтæ
сæхæдæг сты æвдисæн!
32 „Уымæн æмæ сæ сæнæфсир
Содом æмæ Гоморрæйы
сæнæфсиры тала у,
йæ гагатæ — марг,
йæ цупæлттæ — маст.
33 Калмы, сау калмы марг — сæ сæн.
34 Исты Мæм уыдæттæ æвæрд не сты,
бæрæг ран сæ нæ бафснайдтон?
35 Мæ бар уадзут маст исын,
аккаг сын фæуыдзынæн Æз,
иу афон фæцуддзысты.
Сæ кæрон æрхæццæ ис,
рæхджы сæ баййафдзæни сæ адзал“.
36 Дунедарæг Йæ адæмы сæрыл
рахæцдзæни,
Йæ цагъартæн
фæтæригъæд кæндзæни,
сæ хъару басаст
æмæ сæрибарæй, цагъарæй
царæфтыд кæнынц,
уый куы фена, уæд.
37 Зæгъдзæни: „Кæм сты сæ хуыцæуттæ,
сæ зæрдæ кæуыл дардтой,
уыцы фидæрттæ?
38 Сæ нывæндты фиу æмæ сын-иу
сæ кувинаг сæнæй
чи ацахуыста, уыдон?
Æххуысмæ уæм рацæнт
æмæ уæ фервæзын кæнæнт,
уыдон рахæцæнт уæ сæрыл!“
39 Кæсут уæдæ: уый Æз дæн!
Æз — Иунæг Хуыцау!
Æз маргæ дæр æмæ æгас дæр,
цæвгæ дæр æмæ дзæбæх дæр
Мæхæдæг кæнын, æмæ Мæ къухæй
ничи никæй фервæзын кæндзæн!

40 Уæларвмæ Мæ къух сисгæйæ,
Ме ’нусондзинадæй сомы кæнын:
41 Мæ цæхæркалгæ кард
куы сцыргъ кæнон
æмæ тæрхон кæнынмæ куы бавналон,
уæд Ме знæгтæн аккаг фæуыдзынæн,
Мæ фыдгултæн схос кæндзынæн.
42 Мæ фæттæ срасыг уыдзысты тугæй,
Уацайрæгтæ æмæ мæрдты фыдæй,
сæ тугæй бафсæддзæн мæ кард,
йæ балхонты сæртæ сын анымайдзæн!
43 Муртаттæгтæ, цин кæнут
Йæ адæмимæ,
уымæн æмæ Уый
Йæ цагъарты туг райсдзæни,
Йе знæгтæн аккаг фæуыдзæни
æмæ Йæ адæмы бæстæ
ссыгъдæг кæндзæни».

44 Æрбацыди Моисей æмæ Нуны фырт Йе-
шуаимæ ацы зарæджы ныхæстæ адæмæн
рафæзмыдта. 45 Æмæ сæ æппæт Израилæн
куы фехъусын кодта Моисей, 46 уæд загъта:
«Ацы ныхæстæ уæ зæрдыл бадарут æмæ
сæ уæ цотæн амонут, цæмæй ацы Æгъдау
бæстон æххæст кæной. 47 Уымæн æмæ уы-
дон сымахæн хуымæтæджы ныхæстæ не
сты — уæ цард сæ мидæг ис. Сæ фæрцы, уæхи
бакæнынмæ цы бæстæм цæут, уым, Иорданы
фале, бирæ фæцæрдзыстут».
48 Тæккæ уыцы бон Дунедарæг загъта Мо-
исейæн: 49 «Аваримы хæхтæм фæцу. Моавы,
Йерихоны бакомкоммæ, цы хох ис — Нево,
уырдæм ссу æмæ Ханаанnetwork, израилæгтæн
кæй хай кæнын, уыцы бæстыл дæ цæст
ахæсс. 50 Уыцы хохмæ куы ссæуай, уæд уым
амæлдзынæ æмæ дæ сыджытыл бафтдзынæ,
де ’фсымæр Аарон Оры хохыл куыд амард
æмæ йæ сыджытыл куыд бафтыдис, афтæ.
51 Сымах Мыл Меривайы доны был, Кадешы,
Цины æдзæрæг быдыры, кæй фæгуырысхо
стут израилæгты ’хсæн, Æз уаз кæй дæн, уый
сын кæй нæ фенын кодтат, уый тыххæй уын
афтæ нывгонд у. 52 Израилæгтæн цы бæстæ
дæттын, уый дардæй фендзынæ, фæлæ уыцы
бæстæм цæугæ нæ бакæндзынæ».

**33** Йæ мæлæты размæ Моисей, Хуыцауы
æвзæрст лæг, израилæгтæн арфæ ракодта.
2 Уый загъта:

«Дунедарæг Синайæ рацыди,
Сеиры сæрмæ ныррухс ис,
Йæхи раргом кодта
мин-мин сыгъдæгимæ
Параны хæхты сæр,
Йæ рахизфарс — Æгъдауы арт.
3 Уарзон Ын сты Йæ адæм.
Йæ къухы — æппæт сыгъдæджытæ.
Æрзоныг кодтой Дæ разы,
Дæ алы фæдзæхст æххæст кæнынц.
4 Моисей нын радта Æгъдау,
Йаковы дзыллæйы исбон.
5 Уыди уый паддзах Йешуруны,
Израилы хæдзарвæндæгтимæ-иу
адæмы фæтæгтæ
куы ’рбамбырд сты, уæд.
6 Ма амæлæд Рувим, цæрæд,
йæ байзæддæгтæ чысыл ма уæнт!
7 Иудæйы тыххæй загъта:
„Фехъус, Дунедарæг, Иудæйы хъæлæс
æмæ йæ æрбакæн йæ адæммæ.
Йæхи хъаруйæ уый
йæхи хъахъхъæны.
Феххуыс ын кæн йе знæгты ныхмæ“.
8 Левийы тыххæй загъта:
„Дæ тумим æмæ Дæ урим —
йæ зæрдæ Дыл чи нæ ивы,
Массайы кæй бафæлвæрдтай,
Меривайы доны был
кæмæн уайдзæф кодтай,
уыцы кувæг лæгмæ.
9 Йæ фыд æмæ йæ мадæй,
нæ сæ зонын, зæгъгæ, чи дзуры,
йе ’фсымæры чи нæ нымайы,
йæ цоты чи нæ хъуыды кæны,
уыдонæн Дæ дзырд сæйрагдæр у,
Дæ Фидыдæй сын зынаргъдæр
ницы ис.
10 Уыдон амонынц Де ’гъдæуттæ
Йаковæн,
Дæ фæдзæхстытыл ахуыр кæнынц
Израилы;
буд судзынц Дæ разы,
иууылсудзинаг нывæндтæ
æвæрынц Дæ нывондхæссæныл.
11 Арфæ ракæн, Дунедарæг,
йæ хъаруйæн
æмæ йын йæ хъуыддæгтæ
фæрæстмæ кæн.
Ныффалгæрон ын кæн йæ фыдгулты,
цæмæй йе знæгты бон
растын мауал суа“.
12 Бениамины тыххæй загъта:
„Дунедарæгæн уарзон чи у,
уый æдасæй цæрдзæни
Хуыцауы раз —
Йæ арм ыл Уый дары кæддæриддæр,

**32:51** Мерива – «Быцæуы дон».

йæ фæсчъылдым лæууы“.
13 Йосефы тыххæй загъта:
„Дунедарæджы арфæйæ æфсæст у
йæ зæхх
æрвон æртах
æмæ дæлдзæхы арфæй цæуæг
суадæтты донæй;
14 уæз кæнынц йæ зæххæн
хурæй æфсæст
æмæ мæйæ рæвдыд бæркæдтæ;
15 рагон хæхтæ
æмæ æнусон къуылдымты
цыбæйлаг лæвæрттæ;
16 зæххы хуыздæр хуынтæ
æмæ йе 'ппæт бæркад.
Сындзкъутæры æргом Чи рацыд,
Уый арфæ ракæнæд Йосефæн,
æфсымæрты хуыздæрæн!
17 Уый — галы фыццаг цæуæт,
фидыцджын,
хъæддаг галы сыкъатау —
йæ сыкъатæ.
Фелвасдзæни сыл адæмты,
зæххы кæрæттæм дæр аххæсдзæн.
Уыцы сыкъатæ —
Ефремы фæдонтæ дæсгай минтæй,
Менассиайы байзæддæгтæ —
мингæйттæй“.
18 Зевулоны тыххæй загъта:
„Ды, Зевулон,
райгæйæ цу дæ цæуæнты,
райгæйæ цæр, Иссахар, дæ цатырты!
19 Хохы сæрмæ
хондзысты уыдон адæмы,
æгъдаумæ гæсгæ
нывæндтæ хæсдзысты,
уымæн æмæ фурды бæрæчет
æмæ змисы æмбæхст хæзнатæй
цæрдзысты“.
20 Гады тыххæй загъта:
„Арфæгонд у Гад,
йæ къабæзтæ фæйнæрдæм
чи айтыгъта!
Уый домбайау
йæ амæттаджы мæкъуыстæг
рарæдувы, йæ тыл ын ныппары.
21 Равзæрста йæхицæн хуыздæр хай —
бæстыхицауы хай; адæмы фæтæгтæ
куы æрбамбырд сты,
уæд сæххæст кодта
Дунедарæджы раст фæндон,
Израилы тыххæй Йæ тæрхон“.
22 Даны тыххæй загъта:
„Дан у лæппын домбай,
Башаны хохæй æргæпп кæны“.
23 Неффалимы тыххæй загъта:
„Неффалим Дунедарæгæй арфæгонд у,
ныгуылæн æмæ хуссар
йæхи уыдзысты“.
24 Асиры тыххæй загъта:
„Æфсымæрты арфæгонддæр — Асир,
йе 'фсымæртæн уарзон,
сойы йæ къæхтæ
ныгъуылдзысты уымæн.
25 Æфсæн æмæ æрхуыйæ —
де 'вдузæнтæ,
дæ хъæру цæргæбонты — æвидигæ“.
26 Йешуруны Хуыцауæн æмбал нæй.
Йе стырады дæм уæлæрвты
Уый æврæгътыл тындзы æххуысмæ.
27 Æнусон Хуыцау — де 'мбæхсæн,
Йе 'нусон æрмтты дæ хæссы.
Фæсурдзæни дын де знæгты
æмæ зæгъдзæн: „Ныццæгъд сæ!“
28 Цæрдзæни æдасæй Израил,
хибарæй цæрдзæнис Йаков,
арвæй æртæх кæм лæдæрсы,
уыцы хор æмæ сæны бæстæйы.
29 Тæхудиаг дæ ды, Израил!
Кæм ис сымахæн æмбал,
Дунедарæг йæ хъахъхъæнæг,
йæ уарт æмæ йæ кады кард кæмæн у,
уыцы адæм?
Сымахæн уе знæгтæ
æрныллæг уыдзысты уæ разы,
сымах та сын сæ фæсонтыл
къахæй лæудзыстут».

**34** Уыйадыл ссыди Моисей Моавы дæлвæз-
тæй Невойы хохмæ, Йерихоны бакомкоммæ
чи ис, уыцы Фасгайы сæрмæ. Æмæ йын фе-
нын кодта Дунедарæг бæстæ кæрæй-кæрон-
мæ — Галаадæй Даны онг, 2 Неффалимы зæхх
æнæхъæнæй, Ефрем æмæ Менассиайы зæхх
æнæхъæнæй, Иудæйы зæхх æнæхъæнæй, су-
анг ныгуылæны денджызы онг, 3 Негев дæр,
Йерихон дæр, Пальмæты сахартæ, суанг Цо-
ары онг. 4 Загъта йын Дунедарæг: «Уый дын,
уæ байзæддæгтæн æй ратдзынæн, зæгъгæ,
Авраам, Исаак æмæ Йаковæн кæй тыххæй
басомы кодтон, уыцы бæстæ. Дæ цæстæй
дын æй фенын кодтон, фæлæ йæм дæ къах
нæ бавæрдзынæ».
5 Æмæ амарди уым, Моавы бæстæйы,
Моисей, Дунедарæджы цагъар, Дунеда-
рæг куыд загъта, афтæ. 6 Дæлвæзы йæ ба-
вæрдтой, Моавы, Бет-Пеоры бакомкоммæ,
фæлæ кæм, уый абон дæр бæлвырд ничи
зоны. 7 Моисейыл уæд цыди сæдæ дыууын
азы, фæлæ цæстæй дæр æмæ хъаруйæ дæр

нæма фæцудыдта. 8Дæс æмæ ссæдз боны сау фæдардтой израилæгтæ Моисейыл: фæкуыдтой æмæ йыл фæхъыг кодтой Моавы дæлвæзы.

9Моисей Нуны фырт Йешуайыл йæ къухтæ æрæвæрдта, æмæ Йешуа уæлзондæй схайджын ис. Израилæгтæ йæ коммæ кастысты æмæ, Дунедарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста, афтæ кодтой.

10Уæдæй фæстæмæ нæ уыдис израилæгты 'хсæн Моисейы æмсæр, Дунедарæг лæгæйлæгмæ кæимæ дзырдта, ахæм пехуымпар. 11Дунедарæджы фæндонæй уый цы 'вдисæйнæгтæ æмæ диссæгтæ равдыста Мысыры — фараонæн, йæ цагъартæн æмæ йæ бæстæн цытæ бакодта! 12Моисейы хъомысæн æмæ йæ диссаджы хъуыддæгтæн æвдисæн уыдис æгас Израил.

# Нуны фырт Йешуайы чиныг

Нуны фырт Йешуайы чиныг у Рагон Фæдзæхсты историон чингуыты сæрæвæрæн. Уым дзырдæуы, Моисейы мæлæты хæдфæстæ Ханааны арæнылцы цаутæ æрцыди, уыдоныл. Нуны фырт Йешуа Моисейы фæстæ æрлæууыд Израилы адæмы сæргъы æмæ сæ бакодта Ханаанмæ. Афтæ Хуыцау сæххæст кодта Йæ ныхас — Ханааны зæхх израилæгтæн радта. Хуыцауы къухты Йешуайы æхсарджын разамынд сси уыцы фæнд сæххæст кæныны сæйраг фæрæз.

Чиныг адих кæнæн ис æртæ сæйраг хайыл: Ханааны басаст (1–12 сæртæ); зæххыты байуæрст Израилы мыггæгты ’хсæн (13–22 сæртæ); Хуыцау æмæ адæмы ’хсæн фидыды сног (23–24).

Зæххы тыххæй цыдис уаз хæст. Кæд-иу израилæгтæ зæрдиагæй Хуыцауы коммæ кастысты, уæд-иу сын Дунедарæг æххæст уæлахиз радта. Хуыцауы бардзырдмæ гæсгæ цы сахартæ бацахстой, уыдонæй хъуамæ дур дурыл мауал ныууагътаиккой, сæ мулк та сын снывонд кодтаиккой Хуыцауæн, ома сæ бынсæфт фæкодтаиккой. Уыцы исбонæй хæстонтæ сæхицæн исты æрбатæлæт кæной, уыцы бар сын нæ уыдис. Абоны цæстæй кæсгæйæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æгæр карз у байст сахартæм ахæм ахаст дарын, фæлæ уыцы заманты фæтк афтæ домдта.

Зæхх сæхи куы баци, уæд сæвзæрди цæхгæр фарста — се ’хсæн æй куы байуарой, уæд ма Израилы мыггæгтæ иу адæмыхаттæй баззайдзысты? Се Сфæлдисæгыл сæ зæрдæ нæ сивдзысты? Фæлæ уыдæттыл дзырд цæуы иннæ чингуыты.

---

**1** Дунедарæджы цагъар Моисей куы амар-
ди, уæд Нуны фырт Йешуайæн, Моисейы
кæстæриуæггæнæгæн, Дунедарæг загъта:
2«Мæ цагъар Моисей амарди. Ныр бавдæл
æмæ Израилы адæмимæ, Иорданы фале сын
цы зæхх дæттын, уырдæм бахиз. 3Уæ къах
кæмдæриддæр æрæвæрат, уыцы бынæттæ
иууылдæр Æз лæвар кæнын сымахæн, Мои-
сейæн зæрдæ куыд бавæрдтон, афтæ. 4Æдзæ-
рæг быдыр æмæ Ливаны хæхтæй Евфраты
стыр цæугæдоны онг (ноджы ма хеттæгты
зæхх иууылдæр), стæй Зæххастæуы ден-
джызы онг ныгуылæны — уыцы зæххытæ
иууылдæр суыдзысты уæ бæстæ. 5Цард-
цæрæнбонты дæ ныхмæ ничи фæлæудзæн,
уымæн æмæ Æз, Моисейыл куыд аудыдтон,
афтæ ауддзынæн дæуыл дæр. Мæхи дыл нæ
атигъ кæндзынæн, нæ дæ ныууадздзынæн.
6Фидар лæуу æмæ ма фæтас! Афтæ бакæн,
цæмæй ацы бæстæ Израилы адæмæн суа
фыдæй-фыртмæйы исбон, уымæн æмæ Æз
сæ фыдæлтæн сомы ракодтон йæ раттыны
тыххæй! 7Уæдæ фидар лæуу æмæ ма фæтас!
Дæхи хъар, Мæ цагъар Моисей дын цы Æгъ-
дау бафæдзæхста, уый æнæхъæнæй æххæст
кæныныл! Мадæр дзы рахизæрдæм ахиз,
мадæр галиуæрдæм, æмæ уæд дæ арази-
нæгтæ иууылдæр дæ къухы æфтдзысты.
8Æгъдауы чиныджы дзырд дæ былалгъыл
уæд иудадзыг, фæлхат æй кæн бон дæр æмæ
æхсæв дæр, иууылдæр сæ лæмбынæг æх-
хæст кæн, — уæд уыдзынæ фæрнæйдзаг
æмæ æнтыстджын. 9Фæдзæхсын дын: фидар
лæуу æмæ ма фæтас, æппындæр мацæмæй
тæрс — цыдæриддæр аразай, уым демæ уы-
дзæни Дунедарæг, дæ Хуыцау».
10Уæд Йешуа йæ адæмы цæстдарджы-
тæн бардзырд радта, 11цæмæй рæсæнуатыл
æрзилой æмæ адæмæн загъой: «Уæхицæн
фæндаггаг хæлц æрцæттæ кæнут, уымæн
æмæ æртæ боны фæстæ Иорданы фаллаг
фарсмæ бахиздзыстут, Дунедарæг, уæ Ху-
ыцау, сымахæн исбонæн цы зæхх дæтты,
уый байсынмæ». 12Рувимы æмæ Гады хæ-
дзарвæндæгтæн, стæй Менассиайы хæ-
дзарвæндаджы æмбисæн та Йешуа загъта:
13«Дунедарæджы цагъар Моисей уын афтæ
куы дзырдта, Дунедарæг, уæ Хуыцау, сыма-
хæн æнцой æрхаста, ацы зæхх уын радта,
зæгъгæ, уæд уын цы бафæдзæхста, уый уæ
зæрдыл æрлæууын кæнут. 14Уæ устытæ, уæ
сывæллæттæ æмæ уæ фос баззайæнт, Мои-
сей уын Иорданы ацы фарс цы зæхх радта,
уым, сымахæй та хæцынхъом чидæриддæр
у, уыдон хæстифтонгæй бахизæнт фаллаг
фарсмæ, уе ’фсымæртæн сæ разæй. Бахху-
ыс сын кæнут, 15Дунедарæг сымах хуызæн
уыдонæн дæр цалынмæ æнцой æрхæсса,

уæдмæ. Дунедарæг, уæ Хуыцау, уыдонæн цы
зæхх дæтты, уый куы райсой уе 'фсымæртæ
дæр, уæд фæстæмæ раздæхут æмæ уæ исбон
уыдзæни, Дунедараæджы цагъар Моисей уын
Иорданæй скæсæнæрдæм цы зæхх радта,
уый». 16Уыдон Йешуайæн дзуапп радтой:
«Цыдæриддæр нын бафæдзæхсай, уый са-
раздзыстæм, кæдæмдæриддæр нæ æрвитай,
уырдæм ацæудзыстæм. 17Моисейы коммæ
æдзух куыд кастыстæм, афтæ дæ коммæ
дæр кæсдзыстæм, æрмæст Дунедарæг, дæ
Хуыцау, демæ уæд, Моисеимæ куыд уыдис,
афтæ. 18Дæ бардзырдтæ, дæ фæдзæхстытæм
дын чи нæ хъуса, чи нæ сæ æххæст кæна,
уый-иу мард æрцæуæд. Æрмæст нын дæ-
хædæг макуы фæцуд, фидар лæуу!»

**2** Нуны фырт Йешуа Ситтимæй дыууæ
сгарæджы арвыста сусæгæй, бафæдзæхста
сын: «Цæут, фенут уыцы зæхх, уæлдайдæр —
Йерихон». Сгарджытæ араст сты Йерихон-
мæ æмæ уым се 'хсæв бахастой иу хæтаг
сылгоймаг Рахавы хæдзармæ. 2Йерихоны
паддзахмæ дзырд бахастæуыд: «Ахсæв нæ
сахары фæзынд израилаг сгарджыты къорд».
3Æмæ паддзах йæ чапарты барвыста Рахав-
мæ ахæм бардзырдимæ: «Дæ уазджыты нæм
ракæн! Сгарджытæ сты, нæ бæстæ басгарын-
мæ нын æрбацыдысты». 4-6Фæлæ сылгоймаг
уæдмæ дыууæ лæджы йæ уæлхæдзар гæны
куыристы бын бамбæхста, адонæн та загъта:
«Æцæгдæр мæм чидæртæ уыди, фæлæ кæцон
сты, уый нæ базыдтон. Изæрæрдæм, сахары
кулдуар сæхгæныны хæдразмæ, ацыдысты.
Кæцырдæм, уый нæ зонын, фæлæ сæ ацы
сахат куы асурат, уæд сæ, чи зоны, баййафат».
7Фæдисæттæ Иорданы 'рдæм атындзыд-
той, донахизæнты раз балæууыдысты. Саха-
рæй куыд федде сты, афтæ сахары кулдуар
æхгæд æрцыд.
8Сгарджытæ цалынмæ нæма бахуыссыдыс-
ты, уæдмæ сæм Рахав уæлхæдзармæ схызт
9æмæ сын загъта: «Зонын æй, Дунедарæг ацы
зæхх сымахæн кæй радта, уый. Æмæ нæ стыр
тасы бафтыдтат, нæ бæстæйы цæрджытæ иу-
уылдæр æмризæджы ризынц. 10Уымæн æмæ
фехъуыстам, Мысырæй фæндагыл уын Дуне-
дарæг Сырх денджыз уæ размæ куыд байсы-
сын кодта æмæ Иорданы фале дыууæ амораг
паддзахæн, Сигонæн æмæ Огæн, сæ быныхъæр
куыд ссæуын кодтат. 11Уыдæттæ куы фехъу-
ыстам, уæд тас бацыди нæ зæрдæты æмæ нæ
иумæ дæр уæ ныхмæ æрлæууыны ныфс нал ис,
уымæн æмæ базыдтам: Дунедарæг, уæ Хуыцау,
æлдариуæг кæны уæларвыл дæр æмæ зæххыл
дæр, уæле дæр æмæ дæле дæр. 12Уæдæ мын
Дунедарæгæй ард бахæрут, æз уын хорзы куыд
бацыдтæн, афтæ сымах дæр мæ бинонтæн хор-
зы кæй бацæудзыстут. Бæлвырд æвдисæйнаг
мын раттут, 13мæ фыды æмæ мын мæ мады,
ме 'фсымæрты æмæ мæ хоты се 'ппæт хæдза-
ронтимæ сæрæгасæй кæй ныууадздзыстут,
адзалæй нæ кæй бахиздзыстут».
14Сгарджытæ йын загътой: «Хуыцауы фы-
дæх нæ баййафæд, искæй сæрæй уæ æрду
дæр куы æрхауа, уæд. Æрмæст ам кæй стæм,
уый ма схъæр кæнут. Дунедарæг нын ацы
зæхх куы ратта, уæд нæ дзырд нæ фæсай-
дзыстæм, хорзы дын бацæудзыстæм».
15Рахавы хæдзар уыди сахары сисы мидæг,
æмæ сæ рудзынгæй æруагъта бæндæныл.
16Загъта сын: «Хæхтæм уал уæхи айсут, фæ-
дисæттæ уыл куыннæ амбæлой, афтæ æмæ
уым æртæ боны дæргъы æмбæхстæй абадут,
цалынмæ адон фæстæмæ æрбаздæхой, уæд-
мæ, стæй уæхионтæм ацæудзыстут».
17Сгарджытæ йын загътой: «Цы ард дын ба-
хордтам, уымæй сæрибар уыдзыстæм, мæнæ
афтæ куынæ бакæнай, уæд. 18Уæ бæстæмæ
уын куы æрбабырсæм, уæд нæ цы рудзынгыл
æруагътай, ууыл-иу ацы сырх бæндæн бабæтт,
стæй дæ фыды æмæ дæ мады, де 'фсымæрты
æмæ де 'ппæт хæстæджыты дæ хæдзары æрæм-
бырд кæн. 19Дæ хæдзары дуарæй æддæмæ чи-
дæриддæр рахиза, уымæн-иу йæ тæригъæд йæ-
хи фæуæд, махмæ дзы ницы азым æрхаудзæн.
Дæ хæдзары мидæг искæй туг куы ныккæла,
уæд-иу уый тæригъæд та мах сæр баййафæд.
20Фæлæ нæ куы ауæй кæнай, уæд сæрибар
уыдзыстæм, цы ард дын бахордтам, уымæй».
21Сылгоймаг загъта: «Куыд зæгъут, афтæ
фæуæд!»
Йæ уазджыты куы арвыста, уæд рудзын-
гыл бабаста сырх бæндæн.
22Сгарджытæ хæхбæстæм байстой сæхи
æмæ уым æртæ боны дæргъы бафæстиат
сты, цалынмæ фæдисæттæ сахармæ аздæх-
тысты, уæдмæ. Фæдисæттæ иу дзыхъхъ, иу
къуыпп æнæ басгаргæ нал ныууагътой, фæлæ
сæ не ссардтой. 23Уæд дыууæ сгарæджы ра-
цыдысты хæхбæстæй æмæ Иорданы фаллаг
фарсмæ бахызтысты. Уым Нуны фырт Йе-
шуамæ бацыдысты æмæ йын сæ хабæрттæ
сæрæй кæронмæ рафæзмыдтой. 24Ноджы ма
Йешуайæн загътой: «Дунедарæг нын уыцы
зæхх æнæхъæнæй радта, æмæ йæ цæрджытæ
æмризæджы ризынц æрмæст нæ койæ дæр».

**3** Сæумæраджы Йешуа æппæт израилæгти-
мæ Ситтимæй рараст Иорданы былгæронмæ

æмæ уым æрбынат кодтой фаллаг фарсмæ
бахизыны размæ.
2Æртæ боны фæстæ Израилы чапартæ
рæсæнуатыл æрзылдысты 3æмæ адæмæн
бафæдзæхстой: «Сауджын левиттæ Дуне-
дарæджы, уæ Хуыцауы, Фидыды Чырын
рахæссынц, уый куы фенат, уæд сымах дæр
уæ бынатæй фенкъуысут æмæ йæ фæдыл
араст ут. 4Афтæмæй, кæуылты уын цæугæ
у, уый базондзыстут, уымæн æмæ ныронг
ацы фæндагыл никуыма цыдыстут. Уæвгæ,
сымах Чырынæй хъуамæ уат дыууæ мин æл-
мæрины дарддæр — æгæр æм ма баввахс ут».
5Йешуа адæмæн загъта: «Уæхи ссыгъдæг
кæнут, уымæн æмæ Дунедарæг райсом уе
’хсæн диссæгтæ сараздзæн».
6Сауджынтæн дæр бафæдзæхста: «Фи-
дыды Чырын сисут æмæ адæмæн сæ разæй
цæугæут».
Сауджынтæ систой Фидыды Чырын æмæ
адæмæн сæ разæй æрлæууыдысты.
7Уæд Дунедарæг Йешуайæн загъта: «Або-
нæй фæстæмæ дæ Æз скадджын кæндзы-
нæн Израилы адæмы цæсты. Æмæ уыдон
фендзысты: Æз Моисейыл куыд аудыдтон,
афтæ аудын дæуыл дæр. 8Чырынхæссæг сау-
джынтæ куыддæр Иорданы донмæ бахизой,
афтæ-иу сæ æрлæууын кæн».
9Йешуа израилæгтæм фæсидт: «Æввахс-
дæр æрбацæут æмæ байхъусут Дунедарæ-
джы, уæ Хуыцауы, ныхæстæм!»
10Ноджы ма сын загъта: «Цы диссаг æр-
цæуа, уымæй базондзыстут, уе ’хсæн кæй
ис удæгас Хуыцау æмæ уын уæ разæй кæй
атæрдзæн ханаанæгты дæр, хеттæгты дæр,
хиввæгты дæр, периззæгты дæр, гиргашæгты
дæр, аморæгты дæр, йевусæгты дæр. 11Аф-
тæмæй æппæт зæххы Бардарæджы Фидыды
Чырын уæ разæй ахиздзæн Иорданыл. 12Из-
раилы хæдзарвæндæгтæй равзарут дыууа-
дæс лæджы — алы хæдзарвæндагæй дæр иу.
13Дунедарæджы, æппæт зæххы Бардарæджы,
Фидыды Чырын хæссæг сауджынтæн сæ
къæхтæ куыддæр доныл андзæвой, афтæ
Иорданы дон айсысдзæн. Йæ гуырæнтæй
цыдæриддæр дон кæлы, уый ауæзтау æр-
лæудзæн, къуламады хуызæн слæудзæн».
14Адæм сæ цатыртæ систой æмæ фаллаг
фарсмæ бахизыны фæндæй Иорданы был-
мæ сæ ных сарæзтой. Сауджынтæ Фидыды
Чырынимæ цыдысты сæ разæй. 15Хуымгæр-
дæнты заман куыд вæййы, афтæ та ныр дæр
Иордан ивылд уыдис, йæ былтæй æнхъæвзта.
Фæлæ йæм, Фидыды Чырын чи хаста, уыцы
сауджынтæ куыддæр бахæццæ сты æмæ
доны балæгæрстой, 16афтæ дæрддзæф ран
(Царетаны фарсмæ Адамы сахары цур), Иор-
данæн йæ гуырæнтæй цыдæриддæр дон
кæлы, уый ауæзтау æрлæууыд, æмдзæхгæр
сис фестади. Дæлæрдæм, Мард денджызмæ
цы дон калди, уый фæцыдæр ис, байсыст.
Æмæ адæм доны фаллаг фарсмæ ахызтыс-
ты Йерихоны бакомкоммæ. 17Дунедарæджы
Фидыды Чырын хæссæг сауджынтæ Иорда-
ны бæстастæу æнцад лæууыдысты сурыл,
цалынмæ Израилы адæм иууылдæр сурыл
доны фаллаг фарсмæ ахызтысты, уæдмæ.

**4** Израилы адæм Иорданы фаллаг фарсмæ
куы бахызтысты, уæд Дунедарæг Йешуа-
йæн загъта: 2«Адæмæй дыууадæс лæджы
равзарут, алы хæдзарвæндагæй дæр иу лæг,
3æмæ сын бафæдзæхсут, цæмæй, Иорда-
ны бæстастæу сауджынтæ кæм лæууынц,
уырдыгæй сисой дыууадæс дуры, семæ сæ
ахæссой æмæ, æхсæвиуат кæм кæндзыстут,
уым сæ æрæвæрой».
4Йешуа израилæгтæй равзæрста дыууадæс
лæджы, алы хæдзарвæндагæй дæр иу лæг,
5æмæ сын загъта: «Цæугæут Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы, Фидыды Чырынмæ, Иорданы
бæстастæумæ, æмæ уæ алчидæр, Израилы
хæдзарвæндæгты нымæцмæ гæсгæ, фæйнæ
дуры сисæд йе уæхскмæ. 6Уыдзысты уын
зæрдылдарæн. Фидæны уæ куы фæрсой
уæ байзæддæгтæ, ацы дуртæ уын цы сты,
зæгъгæ, 7уæд сын дзуапп дæтдзыстут: „Ду-
недарæджы Фидыды Чырын Иорданыл куы
фæцæйхызт, уæд дон йæ разы уæлæрдыгæй
ауæзтау æрлæууыд. Уыйадыл ацы дуртæ
израилæгтæн сты æнустæм зæрдылдарæн“».
8Йешуайы фæдзæхст сæххæст кодтой
израилæгтæ. Дунедарæг Йешуайæн куыд
загъта, афтæ Иорданы бæстастæуæй систой
дыууадæс дуры, Израилы хæдзарвæндæгты
нымæцмæ гæсгæ, рæсæнуатмæ сæ рахастой
æмæ сæ уым æрæвæрдтой. 9Йешуа æндæр
дыууадæс дуры æрæвæрдта Иорданы бæс-
тастæу, Фидыды Чырын хæссæг сауджынтæ
кæм лæууыдысты, уым. Дуртæ абон дæр
ма уыцы ран лæууынц. 10Чырын хæссæг
сауджынтæ Иорданы бæстастæу лæууыдыс-
ты, Дунедарæг Йешуайы дзыхæй адæмæн
цытæ бафæдзæхста, уыдæттæ иууылдæр
цалынмæ æххæстгонд æрцыдысты, уæдмæ.
Ахæм уыди Моисейы фæдзæхст дæр Йешу-
айæн. Адæм тагъд-тагъд ахызтысты доны
фаллаг фарсмæ. 11Иууылдæр куы фæфале
сты, уæд Иорданыл ахызти Дунедарæджы
Фидыды Чырын дæр, æмæ сауджынтæ йемæ

ærлæууыдысты адæмы разæй. 12Моисей
сын куыд загъта, афтæ Рувимы æмæ Гады
хæдзарвæндæгтæ, стæй Менассиайы хæ-
дзарвæндаджы æмбис иннæ израилæгты
разæй хæстифтонгæй ахызтысты фаллаг
фарсмæ. 13Дыууиссæдз мины бæрц хæстоны
Дунедарæджы раз абырстой Йерихоны дæл-
вæзмæ схæцынмæ. 14Уыцы бон Дунедарæг
Йешуайы скадджын кодта Израилы адæ-
мы цæсты, æмæ, Моисейы куыд нымадтой,
афтæ йæ нымадтой уæдæй фæстæмæ йæ
цард-цæрæнбонты.

15Дунедарæг Йешуайæн загъта: 16«Фиды-
ды Чырын хæссæг сауджынтæн зæгъ, æмæ
Иорданæй рахизой».

17Йешуа сауджынтæн загъта: «Рахизут
Иорданæй».

18Дунедарæджы Фидыды Чырын хæссæг
сауджынтæ куыддæр Иорданæй рахызтыс-
ты æмæ былгæрон сурыл ærлæууыдысты,
афтæ Иордан йæ донвæдыл агуылф ласта
æмæ раздæрау йæ былтæй акалди.

19Адæм Иорданы сæрты ахызтысты фыц-
цаг мæйы дæсæм бон æмæ рæсæнуаты ær-
лæууыдысты Гилгалы, Йерихоны бæстæйы
скæсæйнаг арæныл. 20Иорданæй цы дыууа-
дæс дуры рахастой, уыдон Йешуа æræвæрдта
Гилгалы 21æмæ израилæгтæн загъта: «Уæ
байзæддæгтæ фидæны уæ фыдæлты куы
фæрсой, ацы дуртæ цы амонынц, зæгъгæ,
22уæд-иу сын дзуапп раттут: „Иорданы до-
ныл ацы ран ахызтысты израилæгтæ, сур
зæххыл цæуæгау“. 23Дунедарæг, уæ Хуыцау,
сымахæн уæ развæндагыл Иорданы дон
байсысын кодта, цалынмæ йыл ахызтыстут,
уæдмæ. Раст афтæ бакодта амæй размæ Сырх
денджызæн дæр: цалынмæ йыл ахызтыстæм,
уæдмæ йæ нæ развæндагыл байсысын кодта
Дунедарæг, нæ Хуыцау. 24Уадз æмæ зæххыл
æппæт адæмтæ дæр базоной, Дунедарæджы
къух куыд тыхджын у, уый, æмæ уæхæдæг
дæр æдзухдæр куыд кад кæнат Дунедарæ-
гæн, уæ Хуыцауæн!»

**5** Иорданæй ныгуылæнæрдæм цæрæг амо-
раг паддзæхтæ æмæ денджызы фарсмæ
цæрæг ханаанаг паддзæхтæ фехъуыстой,
израилæгтæ Иорданы фаллаг фарсмæ куы
хызтысты, уæд сын Дунедарæг сæ развæн-
дагыл цæугæдон куыд байсысын кодта, уый,
æмæ тас бацыди сæ зæрдæты, нал сæм уыди
израилæгты ныхмæ ærлæууыны ныфс.

2Уыцы заман Дунедарæг Йешуайæн загъта:
«Æхсон кæрдтæ сараз æмæ израилæгтæн ног
сунæт скæн». 3Йешуа æхсон кæрдтæ сарæзта,
æмæ израилæгтæн сунæт скодта, «Сунæты
къуыбыр» кæй схуыдтой, уым. 4Сунæт та
сын Йешуа уымæн скодта, æмæ Мысырæй
сыстæг нæлгоймæгтæ, хæстхъом лæгтæ, иу-
уылдæр амардысты Мысырæй рацæуыны
фæстæ æдзæрæг быдыры, хæтæнхуаг царды
заман. 5Мысырæй чи рараст, уыцы адæм се
'ппæт дæр уыдысты сунæт, фæлæ рацæуыны
фæстæ æдзæрæг быдыры рахау-бахауы за-
ман чи райгуырди, уыдонæй иу дæр сунæт не
'рæййæфта. 6Израилæгтæ æдзæрæг быдыры
хæтæнхуаджы цардæй фæцардысты дыууис-
сæдз азы бæрц, цалынмæ Мысырæй рацæуæг
хæстхъом адæм иууылдæр амардысты, уæд-
мæ. Уыдон Дунедарæджы коммæ нæ кастысты,
æмæ Дунедарæг расомы кодта, æхсыр æмæ
мыд кæцæй хъары æмæ йæ раттынæй сæ
фыдæлтæн ард кæй тыххæй бахордта, уыцы
зæхх кæй нæ фендзысты. 7Чи амард, уыдонæн
Дунедарæджы хорзæхы руаджы рахъомыл
сты сæ цот, æмæ уыдонæн скодта Йешуа сунæт,
уымæн æмæ сæ хæтæнхуаджы рæстæг сунæт-
гонд нæ цыдысты. 8Адæм се 'ппæт сунæтгонд
куы 'рцыдысты, уæд рæсæнуаты баззадысты,
цалынмæ сдзæбæх сты, уæдмæ. 9Уый фæстæ
Дунедарæг Йешуайæн загъта: «Мысыры ху-
динаджы уаргъ уын абон уæ рагъæй систон».
Уæдæй фæстæмæ уыцы бынат схуындæуыди
Гилгал. 10Израилæгтæ Гилгалы рæсæнуаты
бафæстиат сты æмæ Куадзæн скодтой мæ-
йы цыппæрдæсæм бон, изæрæй, Йерихоны
дæлвæзы. 11Куадзæны фæстæ, дыккаг бон,
хæрын райдыдтой а зæххы хойрагæй: донгонд
дзултæ æмæ хъæбæрхоры цæкуытæ. 12Ацы
зæххы хойрагæй куы фæхъæстæ сты, уæд,
Куадзæны фæстæ цы бон ралæууыд, уыцы
бонæй фæстæмæ уæларвæй маннæ нал хауди.
Израилæгтæ уыцы азæй фæстæмæ маннæйы
бæсты хордтой ханаанаг зæххы бæркад.

13Иуахæмы Йерихонмæ хæстæг Йешуа
кæсы, æмæ йæ фæндагыл кардæлвæстæй
лæг лæууы. Йешуа йæм бацыд æмæ йæ ба-
фарста: «Нæ хæлар дæ æви не знаг?» 14Уый
йын дзуапп радта: «Сæ иу дæр нæ. Æз Дуне-
дарæджы æфсады фæтæг дæн, æмæ уымæн
дæн ам». Йешуа йæ разы зæххыл ныддæлгом,
бафарста йæ: «Ме 'лдар йæ цагъарæн цы
зæгъдзæн?» 15Дунедарæджы æфсады фæ-
тæг Йешуайæн загъта: «Дæ дзабыртæ ралас,
уымæн æмæ, кæм лæууыс, уыцы бынат уаз
у». Æмæ Йешуа бакасти йæ коммæ.

16Израилæгты тæссæй Йерихоны кулдуар
фидар æхгæд æрцыд. Æддæмæ дæр ничи
цыд æмæ мидæмæ дæр.

**6** Дунедарæг Йешуайæн загъта: «Дæ къухмæ
дын дæттын Йерихон йæ паддзах æмæ йæ
хæстонтимæ. 2Хæстхъом уæ чидæриддæр у,
уыдон æхсæз боны дæргъы сахары алыварс
алы бон дæр иу зылд кæнæнт. 3Авд сауджы-
ны фæйнæ сыкъауадындзы хæссæнт Фиды-
ды Чырыны разæй. Æвдæм бон та сахары
алыварс æрзилут авд хатты, æмæ сауджынтæ
сыкъауадындзтæй уасæнт. 4Сыкъауадындз
куыддæр ныууаса æмæ йæ куыддæр фехъу-
сат, афтæ адæм иууылдæр сæ хъæлæсы дзаг
æмхъæр ныккæнæнт, æмæ сахары систæ
бындзарæй афæлдæхдзысты. Уæд, сахарыл
цы адæм æрхъула кодтой, уыдон мидæмæ
бабырсæнт, алчидæр сæ, кæм ис, ууылты».
5Нуны фырт Йешуа фæсидт сауджынтæм
æмæ сын загъта: «Дунедарæджы Фидыды
Чырын сисут, авд сауджыны та фæйнæ сы-
къауадындзы хæссæнт Фидыды Чырыны
разæй».
6Адæмæн та загъта: «Цæут æмæ сахары
алыварс æрзилут! Хотыхджынты раззаг
къорд Дунедарæджы Фидыды Чырыны ра-
зæй цæуæд».
7Йешуа адæмæн куыддæриддæр загъта,
афтæ бакодтой. Фæйнæ сыкъауадындзы хæс-
сæг авд сауджыны араст сты Дунедарæджы
Фидыды Чырыны разæй æмæ уадындзтæй
уасыдысты. Фидыды Чырын та сын хас-
тæуыди сæ фæстæ. 8Хотыхджынты къорд,
уадындзтæ кæмæ уыд, уыцы сауджынтæн
цыди сæ разæй, иннæ хæстонтæ — Фидыды
Чырыны фæдыл. Сауджынтæ цæугæ-цæуын
сыкъауадындзтæй уасыдысты.
9Йешуа адæмæн бафæдзæхста: «Тохы хъæр
ма ныккæнут, уæ хъæлæс ма райхъуысæд
æмæ уæ дзыхæй иу ныхас дæр ма схауæд.
Ахæм бон æрцæудзæн, æмæ уын мæхædæг
бардзырд ратдзынæн, тохы хъæр ныккæнут,
зæгъгæ, æмæ-иу уæд ныхъхъæр кæнут».
10Афтæмæй Дунедарæджы Фидыды Чы-
рын сахары алыварс иу хатт æрзылди, стæй
рæсæнуатмæ раздæхтысты æмæ дзы бахсæ-
виуат кодтой.
11Дыккаг бон та Йешуа сæумæрайсом
сыстад, æмæ та сауджынтæ Дунедарæджы
Фидыды Чырын ахастой. 12Авд сауджыны,
алкæмæн дæр йæ сыкъауадындз йæ къухы,
афтæмæй, сыкъауадындзтæй уасгæйæ, Ду-
недарæджы Фидыды Чырыны разæй араст
сты. Уыдоны разæй цыдысты гæрзифтонг
хæстонтæ, Фидыды Чырыны фæдыл та, цæу-
джытæн се ʼппæты фæсте — хæстонты иннæ
къорд; сыкъауадындзтæ уасыдысты æнæ-
рæнцойæ. 13Дыккаг бон дæр афтæ — сахары
алыварс иу хатт æрзылдысты æмæ рæсæн-
уатмæ æрбаздæхтысты.
Афтæ фæкодтой æхсæз боны дæргъы.
14Æвдæм бон та бонивайæнтыл райдыдтой
сахары алыварс зилын, ныронг куыд кодтой,
афтæ, æцæг ацы хатт йæ алыварс æрзылдысты
авд хатты. 15Сауджынтæ æвдæм зылды кæрон
куы ныууасыдысты сæ уадындзтæй, уæд
Йешуа адæмæн загъта: «Ныхъхъæр кæнут!
Дунедарæг уын сахар уæ къухмæ радта! 16Ацы
сахар хъуамæ æлгъыстаг фæуа, чидæриддæр
дзы ис, уыдонимæ, хъуамæ бабын уа — Дуне-
дарæгæн лæвæрд æрцæуа. Æрмæстдæр хæтаг
сылгоймаг Рахав баззайæд удæгасæй — йæхи-
цæй дарддæр ма йæ хæдзары чи уа, уыдонимæ,
уымæн æмæ нын не сгарджыты бамбæхс-
та. 17Сымах та уæхи бахизут, æлгъыстаг цы
дзауматæ фесты, уыдонæй, мацы дзы райсут,
науæд æлгъыстаг фæкæндзыстут израилæг-
ты рæсæнуат, фыдбылыз ыл бафтаудзыстут.
18Æвзист æмæ сыгъзæринæй, æрхуы æмæ
æфсæйнаг дзаумæттæй дзы цы ссарат, уыдон
суæнт Дунедарæджы уаз хай — æфснайд æр-
цæуæнт Йæ хæдзары хæзнадоны». 19Сыкъа-
уадындзтæ ныууасыдысты, æмæ адæм сæ
хъæлæсы дзаг æмхъæр ныккодтой. Сахары
систæ сæ бындзарæй афæлдæхтысты, æмæ
адæм алырдыгæй сахармæ бабырстой æмæ
йæ бацахстой. 20Дунедарæджы номыл æл-
гъыстаг фæкодтой, сахары мидæг цæрдудæй
цыдæриддæр уыдис, уыдон: нæлгоймæгтæ
æмæ сылгоймæгты, æрыгæттæ æмæ зæрæд-
ты, суанг галтæ, фыстæ æмæ хæрджыты — се
ʼппæты дæр карды амæттаг бакодтой.
21Бæстæ чи басгæрста, уыцы дыууæ лæгæн
Йешуа загъта: «Хæтаг сылгоймаг Рахавы
хæдзармæ фæцæут æмæ, ард куыд бахорд-
тат, афтæ йæ сахарæй йе ʼппæт хæдзарон-
тимæ ракæнут». 22Уыдон ацыдысты æмæ
Рахавы йæ фыд, йæ мад, йе ʼфсымæртæ, йæ
хæстæджытимæ сахарæй ракодтой æмæ
сын израилæгты рæсæнуаты æдде æрбы-
нат кодтой. 23Сахар æд ис-бис израилæгтæ
басыгътой, æрмæст дзы æвзистæй, сыгъзæ-
ринæй, æрхуы æмæ æфсæйнаг дзаумæттæй
цыдæриддæр уыд, уыдон Дунедарæджы
хæдзары хæзнадонмæ радтой. 24Йешуа хæтаг
сылгоймаг Рахавы æд бинонтæ æмæ хæдза-
ронтæ, йе ʼппæт хæстæджытимæ сæрæгасæй
ныууагъта, æмæ сæ мыггаг ныр дæр ма цæры
израилæгты ʼхсæн, уымæн æмæ Рахав уы-
мæй размæ бамбæхста, Йешуа Йерихонмæ
кæй барвыста, уыцы сгарджыты.
25Уыцы рæстæг Йешуа ард бахордта: «Ду-
недарæджы æлгъыст баййафдзæн, Йерихоны

сахар ногæй саразынмæ чи бавнала, уый.
Сахарæн бындур куы æрæвæра, уæд бабын
уыдзæн йæ зæнæджы хистæр, кулдуар ын
куы сараза, уæд та — йæ зæнæджы кæстæр».
26 Æмæ Дунедарæг аудыдта Йешуайыл,
æмæ Йешуайы ном айхъуыст æгас бæстыл.

**7** Фæлæ израилæгтæ, æлгъыстаг дзауматы
тыххæй цы бафæдзæхстæуыд, уый нæ сæх-
хæст кодтой. Зарахы байзæддаг, Завдийы
фырты фырт, Кармийы фырт Ахан, Иудæйы
хæдзарвæндагæй, рахаста, æлгъыстаг цы
уыд, уыдонæй, æмæ Дунедарæгæн Йæ маст
ссыгъд израилæгтæм.
2 Йешуа Йерихонæй йе сгарджыты арвыста
Вефилæй скæсæнæрдæм, Бет-Авенмæ хæс-
тæг сахар Гаймæ. Бафæдзæхста сын: «Ацæут
æмæ уыцы бæстæ басгарут».
Уыдон ацыдысты æмæ Гайы сахарыл æр-
зылдысты. 3 Йешуамæ куы æрбаздæхтысты,
уæд ын загътой: «Æппæт адæмы уырдæм
цæуыны сæр ницæмæн хъæуы. Дыууæ кæ-
нæ æртæ мин лæджы куы ацæуа, уæддæр
æгъгъæд уыдзæни Гайы сахар басæттынæн.
Бирæ не сты гайæгтæ, æмæ æппæт адæмы
ма бафтау фыдæбоныл».
4 Израилæгтæй уырдæм ацыди æртæ мин
лæджы бæрц, фæлæ сæ Гайы цæрджытæ
фæстæмæ лидзæг фæкодтой. 5 Æхсæрдæс
æмæ ссæдз лæджы амардтой, сахары кулд-
уарæй сæ дуркъахæнты онг фæсырдтой æмæ
сæ уым хохы фахсыл фæцагътой.
Уыйадыл Израилы адæмæн сæ зæрдæты
тас бацыди, сæ ныфс асасти. 6 Йешуа йæ да-
рæс фæйнæрдæм арæдывта æмæ ныддæлгом
ис зæххыл Дунедарæджы Фидыды Чырыны
раз æмæ афтæмæй баззади суанг изæрмæ.
Израилы хистæртæ дæр æй бафæзмыдтой,
сæ сæртыл рыг байзæрстой.
7 Йешуа загъта: «О Дунедарæг, Бардарæг!
Ацы адæмы Иорданы сæрты цæй номыл
æрбахизын кодтай? Аморæгты къухтæм
раттыны æмæ фесафыны тыххæй? Фæл-
тау Иорданы фале куы баззадаиккам! 8 О
Бардарæг! Ныр цы хъуамæ зæгъон, израи-
лæгтæ сæ фыдгулты разæй лидзæг куы фес-
ты, уæд? 9 Ханаанæгтæ æмæ ацы бæстæйы
иннæ цæрджытæ ацы хабар фехъусдзысты
æмæ ныл æрхъула кæндзысты, нæ кой дæр
нын нал ныууадздзысты зæххыл. Æмæ уæд
Дæ кадджын ном цæсты бафтынæй куыд
бахиздзынæ?»
10 «Уæлæмæ сыст, — загъта Дунедарæг Йе-
шуайæн, — цы ныддæлгом дæ зæххыл? 11 Из-
раилæгтæ тæригъæды бацыдысты, семæ цы
фидыд сарæзтон, уый фехæлдтой. Æлгъыстаг
цы у, уымæй райстой, басусæг æй кодтой
æмæ йæ сæ дзаумæтты ’хсæн бамбæхстой.
12 Уымæ гæсгæ израилæгтæн сæ бон нæ баци
фыдгулты ныхмæ фæлæууын, æмæ лидзæг
фесты знæгтæй. Ныр сæхæдæг дæр æлгъыс-
таг фесты. Æлгъыстаг цы у, уый уе ’хсæнæй
куынæ фесафат, уæд амæй фæстæмæ Æз нал
уыдзынæн уемæ.
13 Сыст æмæ адæмы ссыгъдæг кæн! Зæгъ
сын, райсомы бонмæ, зæгъ, уæхи ссыгъдæг
кæнут, уымæн æмæ Дунедарæг, Израилы
Хуыцау, афтæ зæгъы: израилæгтæ, уе ’хсæн
ис æлгъыстаг дзауматæ, æмæ сæ цалынмæ
нæ фервæзат, уæдмæ уæ бон фыдгулты ных-
мæ лæууын нæ бауыдзæн. 14 Райсом Мæм,
зæгъ, хæдзарвæндаггай æрбацæут. Дунеда-
рæг кæмæ бацамона, уыцы хæдзарвæндаг
æрбалæууæд мыггаггай. Дунедарæг кæмæ
бацамона, уыцы мыггаг æрбалæууæд хæ-
дзаргай. Дунедарæг кæмæ бацамона, уыцы
бинонтæ æрбалæууæнт иугай. 15 Æлгъыстаг
дзаума кæмæ разына, уый йæхæдæг дæр
æмæ йæ исбон дæр арты сыгъд æрцæуæд,
Дунедарæджы бадзырды сæрты кæй ахызт
æмæ израилæгты ’хсæн æлгъаг хъуыддаг
кæй сарæзта, уый тыххæй».
16 Йешуа сæумæйæ Израилы адæмæн бар-
дзырд радта, хæдзарвæндаггай куыд æр-
балæууой, æмæ бацамындæуыд Иудæйы
хæдзарвæндагмæ. 17 Уый фæстæ Иудæйы
мыггæгтæн бардзырд радта, æрбалæуут,
зæгъгæ, æмæ бацамындæуыд Зарахы мыг-
гагмæ. Зарахы мыггагæн загъта, хæдзаргай
йæм куыд æрбалæууой, æмæ бацамындæ-
уыд Завдийы бинонтæм. 18 Бинонтæн загъта,
иугай йæм куыд æрбалæууой, æмæ баца-
мындæуыд Иудæйы хæдзарвæндагæй Зара-
хы байзæддаг Завдийы фырт Кармийы фырт
Аханмæ. 19 Йешуа загъта Аханæн:
— Мæ фырт, скад кæн Дунедарæгæн, Из-
раилы Хуыцауæн, сыстау Æй! Радзур мын,
цы бакодтай, уый, мацы мæ басусæг кæн.
20 Ахан дзуапп радта Йешуайæн:
— Æцæг у уый, æз тæригъæды бацыдтæн
Дунедарæджы, Израилы Хуыцауы раз. Мæнæ
цы бакодтон: 21 цы æфтиаг райстам, уый æх-
сæн федтон шинараг пæлæз — æвæджиауы
рæсугъд, стæй дыууæсæдæ шекелы æвзист,
дыууæсæдæ фæндзай шекелы бæрц та сыгъ-
зæрины къæртт. Тынг сæм бацыбæл дæн
æмæ сæ райстон. Ныр æмбæхст сты мæ ца-
тыры, зæххы бын; æппæты бынæй — æвзист.
22 Уæд Йешуа адæмы арвыста, æмæ Аханы
цатырмæ азгъордтой. Ахан цытæ ранымадта,

уыдæттæ иууылдæр йæ цатыры æмбæхст
разындысты, æвзист уыди æппæты бынæй.
23Æрвыст лæгтæ сæ Йешуа æмæ Израилы
дзыллæйы размæ æрбахастой æмæ сæ Дуне-
дарæджы Фидыды Чырыны раз æрæвæрдтой.

24Йешуа æмæ Израилы дзыллæ бавдæл-
дысты æмæ Зарахы фырт Аханы æд æвзист,
æд дарæс, æд сыгъзæрины къæртт, йæ фырт-
тæ æмæ йæ чызджытимæ, йæ галтæ æмæ
йæ хæрджытимæ, йæ лыстæг фос æмæ йæ
цатыримæ, йе 'ппæт исбонимæ Ахоры дæл-
вæзмæ акодтой. 25Уым Йешуа загъта Аханæн:
«Ацы фыдбылыз ныл цæмæн бафтыдтай?
Абон дын Дунедарæг дæхиуыл фыдбылыз
æфтауы!» Æмæ Израилы дзыллæ уым Аханы
дурты бын фæкодтой. Уый фæстæ та — уыр-
дæм ма кæй æрбакодтой, уыдоны се 'ппæты
дæр, æмæ сæ басыгътой. 26Сæ уæлæ сын
дурты кæри самадтой.

Ууыл Дунедарæгæн Йæ маст ссыди. Уы-
цы бынат та абон дæр ма хуыйны «Ахоры
дæлвæз».

**8** Дунедарæг Йешуайæн загъта: «Мацæмæй
тæрс æмæ мацæуыл тыхс! Хæстхъом адæ-
мы се 'ппæты дæр демæ рахон æмæ Гаймæ
фæцу. Дæ къухы дын бакæндзынæн Гайы
паддзах æмæ йæ адæмы æд сахар æмæ æд
зæххытæ. 2Йерихонæн æмæ йæ паддзахæн
цы ми бакодтай, Гайæн æмæ йæ паддзахæн
дæр уыцы ми бакæн. Æрмæст-иу ацы хатт уе
'фтиаг æд фос уæхи фæуæд. Сахары чъыл-
дыммæ сæ размæ бабад».

3Йешуа йе 'фсадимæ Гайы сахары 'рдæм
араст. Равзæрста дæс æмæ ссæдз мин æхсар-
джыны æмæ сæ æхсæвыгон разæй арвыста.
4Загъта сын: «Бабадут сахары чъылдыммæ.
Сахары цурæй дард ма ацæут, уе 'ппæт дæр
уæхи цæттæ дарут. 5Æз та æгас æфсадимæ
баввахс уыдзынæн сахармæ. Гайы цæрджы-
тæ та амæй размæйы хуызæн нæ ныхмæ
куы ралæууой, уæд лидзæг фæуыдзыстæм.
6Фæсте нæ расурдзысты, æмæ сæ афтæ-
мæй сахарæй æддæмæ расайдзыстæм: афтæ
банхъæлдзысты, ногæй та фæлидзæг сты,
зæгъгæ, 7æмæ-иу уæд сымах уе 'мбæхсæн
бынатæй рахизут æмæ сахармæ бабырсут —
Дунедарæг, уæ Хуыцау, сымахæн æй уæ къух-
тæм ратдзæн. 8Сахар куы байсат, уæд-иу ыл,
Дунедарæг куыд загъта, афтæ арт бандзарут.
Уый уын мæ бардзырд».

9Афтæмæй сæ арвыста Йешуа æмæ æрæм-
бæхстысты Вефилæй Гайы 'хсæн, сахарæн йæ
ныгуылæнæрдыгæй фарс. Йешуа та бахсæви-
уат кодта йе 'фсады иннæ хаимæ. 10Райсомæй
раджы Йешуа йæ адæммæ æркаст æмæ сæ
Израилы хистæртимæ Гайы 'рдæм акодта.
11Йемæ цы хæстонтæ уыди, уыдон иууылдæр
сахармæ æрбахæстæг сты. 12Гайы цæгатварс
рæсæнуат скодтой, сахарæй се 'хсæн уыди
дæлвæз.

Фондз мин лæджы бæрц асадæны равæрд-
та Вефилæй Гайы æхсæн, сахары ныгуы-
лæнварс. 13Æфсад лæууыдысты афтæ: сæй-
раг хæйттæ — сахары цæгатварс, иу къорд
та — ныгуылæнæрдыгæй.

Æхсæвы Йешуа йæхи дæлвæзмæ ныййиста.
14Гайы паддзах сæ куыддæр федта, афтæ йе
'ппæт адæмимæ сæумæраджы Иорданы тæр-
фырдæм фахсмæ ралæбурдта израилæгтимæ
схæцынмæ. Сахары чъылдыммæ сæ размæ
исчи бабадти, уый нæ зыдта. 15Йешуа æмæ
йе 'фсад, цыма саст æрцыдысты, уыйау сæ
разæй æфсоны лыгъд акодтой æдзæрæг бы-
дыры 'рдæм. 16Гайы цæрджытæм се 'ппæтмæ
дæр фæсидтæуыд, цæмæй фæдисæттимæ
баиу уой æмæ Йешуайы баййафой. Йешу-
айы æфсад сæ йæ фæдыл сахарæй дæрд-
дзæф расайдта. 17Иунæг лæг дæр нал баззад
нæдæр Гайы, нæдæр Вефилы — иууылдæр
израилæгты фæдыл агуылф кодтой, сахары
кулдуар та дзæгъæл ныууагътой.

18Уæд Дунедарæг загъта Йешуайæн: «Де
'хсаргардæй Гайы 'рдæм ацамон, сахар дын
дæ къухтæм дæттын».

Йешуа йе 'хсаргард сахары 'рдæм куы
фæцарæзта, 19уæд æмбæхст хæстонтæ сæ
бынатæй фæгæппытæ ластой, сахармæ
бабырстой æмæ йæ бацахстой. Уайтагъд
ыл арт бандзæрстой. 20-21Гайы фæдисæттæ
фæстæмæ фækастысты æмæ, сæ сахар ку-
ыд судзы, уый ауыдтой, йæ фæздæг арвмæ
цавта. Налдæр сын иуæрдæм фæндаг уыди,
налдæр — иннæрдæм.

Йешуаимæ Израилы æфсадæй æдзæрæг
быдыры 'рдæм æфсоны лыгъд чи кодта, уы-
дон дæр сахары сæрмæ фæздæгæй базыдтой,
æмбæхстæй чи бадти, уыдон сахар кæй байс-
той, æмæ фæстæмæ фездæхтысты, сæ сур-
джытыл сæхи ныццавтой. 22Сахар чи бацахс-
та, уыдон дæр сæм фæстæты ралæбурдтой,
æмæ гайæгтæ цъысимы бахаудысты. Ахæм
цагъд сын ныккодтой израилæгтæ, æмæ
дзы иу дæр æгасæй нал баззад, иуæн дæр
дзы алидзын нæ бантыст. 23Гайы паддзахы
та удæгасæй æрцахстой æмæ йæ Йешуайы
размæ æрбакодтой.

24Гайы фæдисæттæ израилæгты кæдæм
фæцæйсырдтой, уыцы æдзæрæг быдыры сæ-
хæдæг карды амæттаг куы баисты фæстаджы

онг, уæд израилæгтæ иуулдæр разылдысты
Гаймæ æмæ дзы чи баззад, уыдоны дæр бын-
дзагъд ныккодтой кардæй. 25Уыцы бон Гайы
адæмæй — дыууадæс мин цæрæгæй — иу
дæр сæрæгасæй нал баззад, иуулдæр карды
амæттаг баисты нæлгоймагæй, сылгойма-
гæй. 26Цалынмæ сæ Дунедарæджы номыл
бынтондæр нæ бабын кодта, уæдмæ Гайы
'рдæм амыдта Йешуа йе 'хсаргардæй.

27Израилæгтæ сахарæн æрмæст йæ фос
æмæ исбон бакодтой сæхи, Йешуайæн Ду-
недарæг куыд бафæдзæхста, афтæ. 28Гайы
сахар та Йешуа арты хай бакодта, æнустæм
æй хъæууатæй ныууагъта.

29Гайы паддзахы æрцауындзын кодта бæ-
ласыл æмæ изæрдалынгтæм ауыгъдæй фæ-
лæууыд. Хурныгуылдыл Йешуайы дзырдмæ
гæсгæ марды бæласæй æристой æмæ йæ
сахары кулдуармæ аппæрстой, стæй йыл
дурты стыр цæнд самадтой. Цæнд абон дæр
ма лæууы.

30Уый фæстæ Йешуа Эвалы хохыл Дунеда-
рæгæн, Израилы Хуыцауæн, сарæзта нывонд-
хæссæн. 31Сарæзта йæ, Дунедарæджы цагъар
Моисей израилæгтæн куыд бацамыдта æмæ
Моисейы Æгъдауы чиныджы куыд фыст ис,
афтæ: æфсæйнаг кусæнгарзæй кæмæ нæ бав-
нæлдæуыд, ахæм дуртæй. Дунедарæгæн ыл
æрхастой иуулсудзинаг нывæндтæ æмæ
фидыды нывæндтæ. 32Уыцы ран Йешуа æн-
дæр дуртыл æппæт израилæгты раз ногæй
ныффыста Моисейы Æгъдауы чиныг. 33Адæм
иуулдæр — бындурон цæрæг израилæгтæ
æмæ æрцæуæггæгтæ Израилы хистæртимæ,
чапартимæ, тæрхонгæнджытимæ — лæу-
уыдысты Дунедарæджы Фидыды Чырыны
фæйнæфарс, Левийы байзæддæгты, Фидыды
Чырын чи хаста, уыцы сауджынты акомком-
мæ. Адæмы иу æмбис лæууыди Геризимы
хохы фахсыл, иннæ æмбис та — Эвалы хохы
фахсыл. Израилы адæмæн ахæм арфæ ракæ-
нын бафæдзæхста йæ заманы Дунедарæджы
цагъар Моисей. 34Стæй Йешуа хъæрæй бакаст
Æгъдауы чиныг æнæхъæнæй, арфæтæ æмæ
æлгъыстытæ, куыддæриддæр фыст æрцыдыс-
ты, афтæ. 35Моисей цыдæриддæр бафæдзæхс-
та, уыдæттæй æппæт Израилы дзыллæтæн —
суанг сылгоймæгтæн, сывæллæттæн, се 'хсæн
чи цардис, уыцы æрцæуæггæгтæн — Йесо цы
нæ бакаст, ахæм нал баззади.

**9** Иорданæй ныгуылæнæрдæм хæхбæсты,
Шефелайы æмæ Стыр денджызы æппæт
былгæрæтты, суанг Ливаны онг — хеттæгтæ,
аморæгтæ, ханаанæгтæ, периззæгтæ, хив-
вæгтæ æмæ йевусæгты паддзæхтæм — Из-
раилы адæмы уæлахизы кой куы байхъуыст,
2уæд сæ тыхтæ баиу кодтой Йешуа æмæ
Израилы ныхмæ æмвæндæй схæцынмæ.

3Фæлæ Йешуа Йерихонæн æмæ Гайæн цы
бакодта, уый куы фехъуыстой хивваг сахар
Гивоны цæрджытæ, 4уæд ыл хинæй рацæ-
уынвæнд скодтой. Цалдæрæй бавдæлдысты
æмæ фæндагмæ хойраг æрцæттæ кодтой, сæ
хæрджытыл сæвæрдтой лæзæрд голджытæ
æмæ сæны лалымты хæррæгътæ — скъуыдтæ
æмæ æмпъызтытæ. 5Сæ къахыдарæс дæр уы-
ди ихсыд, æмпъызтытæ, сæ фæлыст дæр быз-
гъуыр. Сæ фæндаггаг къæбæр ныххус æмæ
згъæлди. 6Йешуамæ æрбацыдысты Гилгалы
рæсæнуатмæ æмæ йын Израилы адæмы раз
загътой: «Дард бæстæй уæм курæг æрбацы-
дыстæм, цæмæй немæ саразат сабырдзинады
бадзырд». 7Израилæгтæ хиввæгтæн загътой:
«Куыд хъуамæ саразæм уемæ бадзырд? Уæд
та, мыййаг, нæ зæххыл цæрут?»

8Хиввæгтæ Йешуайæн дзуапп радтой:
«Мах дæ цагъартæ стæм».

Йешуа сæ бафарста: «Чи стут æмæ ардæм
кæцæй æрбафтыдыстут?»

9Хиввæгтæ йын загътой: «Тынг дард бæс-
тæй æрбацыдысты дæ цагъартæ, уымæн
æмæ фехъуыстам Дунедарæджы, дæ Хуы-
цауы, кой, Мысыры цыдæриддæр бакодта,
10стæй Иорданы фаллаг фарс дыууæ амораг
паддзахæн — Хешбоны паддзах Сигонæн
æмæ, Аштароты чи царди, Башаны уыцы
паддзах Огæн — цытæ бакодта, уыдæттæ.
11Нæ хистæртæ æмæ нын нæ бæстæйы адæм
иуулдæр загътой, зæгъгæ, фæндаггаг хæлц
райсут æмæ сæм фæцæут, зæгъут сын: мах уæ
цагъартæ стæм, æмæ немæ бадзырд саразут.
12Куы уæм рараст стæм, уæд ацы дзул немæ
хъармæй рахастам, ныр æй мæнæ уынут:
ныххус æмæ згъæлы. 13Ацы лалымты сæн
куы ныккодтам, уæд ног уыдысты, ныр мæнæ
ныскъуыдтæ сты. Нæ фæлыст æмæ нæ къа-
хыдарæс дæр дард фæндагыл баихсыдысты».

14Израилæгтæ сын сæ фæндаггæгтæм æр-
кастысты, фæлæ Дунедарæджы нæ бафарс-
той, афтæмæй сын сæ хойрагæй сахуыстой.
15Йешуа хиввæгтимæ бафидыдта, зæрдæ сын
бавæрдта, сæрæгасæй уæ ныууадздзынæн,
зæгъгæ. Æмæ Израилы адæмы фæтæгтæ
ард бахордтой, сæ фидыд кæй нæ фехал-
дзысты, ууыл.

16Семæ бафидауынæй æртæ боны фæс-
тæдæр израилæгтæ фехъуыстой, уыдон сæ

**9:7** Кæс: Фæл 20:10–18.

сыхæгтæ кæй сты æмæ сын сæ зæххыл кæй
цæрынц. 17Уæд израилæгтæ абалц кодтой
æмæ сын æртыккаг бон сæ сахартæм ба-
хæццæ сты. Сæ сахартæ та уыдысты Гивон,
Кефира, Беерот æмæ Кирйат-Иарим. 18Фæлæ
сæ израилæгтæ нæ ныццагътой, уымæн æмæ
сын адæмы хицæуттæ ард бахордтой Дуне-
дарæгæй, Израилы Хуыцауæй. Уымæ гæсгæ
Израилы адæм иууылдæр хъуыр-хъуыр кæ-
нын райдыдтой хицæуттыл. 19Уыдон адæ-
мæн дзуапп радтой: «Мах сын ард бахордтам
Дунедарæгæй, Израилы Хуыцауæй, æмæ сæ
ныр нæ бон бахъыгдарын нал у. 20Афтæ сын
бакæнæм: сæрæгасæй сæ ныуудзæм, науæд
нæ ард куы фæсайæм, уæд нæ Дунедарæджы
азар баййафдзæн. 21Уадз æмæ цæрæнт, фæ-
лæ нырæй фæстæмæ суг сæттæнт æмæ дон
хæссæнт æгас дзыллæйæн». Æмæ адæм сæ
хицæуттимæ сразы сты.
22Йешуа фæсидт гивонæгтæм æмæ сын
загъта: «Нæ зæххыл куы цæрут, уæд нæ цæ-
мæн асайдтат, сымахæй тынг дард цæрæм,
зæгъгæ? 23Æлгъыст стут уый тыххæй! Уæ
фæды-фæдмæ уыдзыстут цагъартæ, суг
сæтдзыстут æмæ дон хæсдзыстут мæ Ху-
ыцауы хæдзарæн!» 24Уыдон дзуапп радтой
Йешуайæн: «Дæ цагъартæ фехъуыстой, Ду-
недарæг, дæ Хуыцау, Йæ минæвар Моисейæн
кæй бафæдзæхста ацы зæхх иууылдæр сы-
махæн раттын æмæ йын йе 'ппæт цæрджыты
дæр ныццæгъдын. Куы нæ амарат, уымæй
тынг тарстыстæм, æмæ уымæн афтæ ба-
кодтам. 25Ныр мæнæ дæ къухы стæм, æмæ
дæм хуыздæр æмæ растдæр куыд кæсы,
афтæ нын бакæн». 26Æмæ Йешуа Израилы
адæмы нæ бауагъта гивонæгтæм сæ къух
сисын. 27Фæлæ уыцы бон Йешуа бардзырд
радта, цæмæй гивонæгтæ суг сæттой æмæ
дон хæссой Израилы дзыллæйæн æмæ Ду-
недарæджы нывондхæссæнæн. Æмæ ныр
дæр уыцы куыстгæнæг сты, Дунедарæг цы
кувæн бынат равзары, уым.

**10** Йерусалимы паддзах Адони-Цедек фе-
хъуыста, зæгъгæ, Йешуа Гайы сахар бацахста
æмæ йын йæ быныхъæр ссæуын кодта, уы-
мæй размæ Йерихоны сахар æмæ йæ паддза-
хæн куыд бакодта, афтæ. Ноджы ма базыдта,
гивонæгтæ израилæгтимæ кæй бафидыдтой
æмæ семæ цæргæйæ кæй баззадысты, уый
дæр. 2Æмæ Адони-Цедекæн йæ зæрдæйы
стыр тас бацыд, уымæн æмæ Гивон уыди
паддзахы сахары хуызæн стыр, суанг Гайæ
дæр стырдæр, йæ нæлгоймæгтæ та иууыл-
дæр уыдысты хæствæлтæрд. 3Уымæ гæсгæ
Йерусалимы паддзах Адони-Цедек Хевроны
паддзах Хохаммæ, Йармуты паддзах Пирам-
мæ, Лахишы паддзах Йафиамæ æмæ Еглоны
паддзах Девирмæ фæфæдис: 4«Мæ фарсмæ
æрбалæууут æмæ Гивоны сахар ныффалгæ-
рон кæнæм, Йешуа æмæ израилæгтимæ кæй
бафидыдта, уый тыххæй».
5Æмæ амораг фондз паддзахы — Йеру-
салимы паддзах, Хевроны паддзах, Йар-
муты паддзах, Лахишы паддзах, Еглоны
паддзах — се 'фсæдтæ æрбамбырд кодтой
æмæ Гивоныл æртыхстысты. 6Гивонæгтæ
Гилгалы рæсæнуатмæ Йешуамæ удаистæй
фæхабар кодтой: «Дæ цагъарты дзæгъæл ма
ныуудз, рæвдздæр нæм фæзын æххуысмæ
æмæ нæ фервæзын кæн! Хæхбæсты цæрæг
амораг паддзæхтæ иууылдæр нæ ныхмæ
баиу сты».
7Йешуа Гилгалæй фæцæуæг йе 'фсадимæ,
йæ тохæхсыст хæстонтимæ. 8Дунедарæг
Йешуайæн загъта: «Ма сæ фæтæрс. Æз дын
сæ дæ къухтæм ратдзынæн. Дæ ныхмæ фæ-
лæууын сæ никæй бон бауыдзæн».
9Йешуа æхсæв-бонмæ фæцыд Гилгалæй
æмæ сæм æваст балæбурдта. 10Дунедарæг
аморæгты удаист фæкодта израилæгты уын-
дæй, æмæ сæ израилæгтæ ныццагътой Ги-
воны цур. Стæй сæ Бет-Хороны æрхизæныл
суанг Азека æмæ Македайы онг дæрæнгæнгæ
сæ разæй ахастой. 11Бет-Хороны фахсыл уым
дæлæмæ куы фæцæйлыгъдысты израилæгты
разæй, уæд сыл Дунедарæг уæларвæй стыр
ихдуртæ æппарын байдыдта суанг Азекайы
онг, æмæ мардысты. Ихдурты амæттæгтæ
фæфылдæр сты, израилæгтæ кардæй кæй
фæцагътой, уыдонæй.
12Дунедарæг аморæгты Израилы къух-
тæм цы бон радта, уыцы бон Йешуа ску-
ывта Дунедарæгмæ, загъта израилæгты
раз: «Æрлæуу, хур, Гивоны сæрмæ, æрлæуу,
мæй, Айалоны дæлвæзы сæрмæ!» 13Æмæ
хур æрлæууыд, æмæ мæй дæр йæ бынатæй
нал æнкъуысти, цалынмæ адæм фыдгулты
цагътой, уæдмæ. (Раст афтæ фыст ис Рæс-
тæвзары чиныджы.)
Хур арвы астæу ныллæууыд æмæ æнæхъæн
бон йæ бынатæй нæ фенкъуысыд. 14Уыцы бон
куыд байхъуыста Дунедарæг адæймаджы
курдиатмæ, афтæ йæм уымæй размæ дæр
æмæ уый фæстæ дæр никуы байхъуыста. Ду-
недарæг Йæхæдæг хæцыд израилæгты сæрыл.
15Уый фæстæ Йешуа Израилы адæмимæ
Гилгалмæ раздæхти сæ рæсæнуатмæ.
16Фондз амораг паддзахы алыгъдыс-
ты æмæ Македайы цур лæгæты сæ сæр

бафснайдтой. 17Йешуамæ куы фæхабар
чындæуыд, фондз паддзахы Македайы цур
лæгæты бадынц, зæгъгæ, 18уæд бардзырд
радта: «Лæгæтмæ бацæуæныл егъау дуртæ
бафæлдахут æмæ йын хъахъхъæнджытæ сæ-
вæрут. 19Уæхæдæг та ма банцайут уе знæгты
сурынæй. Чъылдымæрдыгæй сæ цæгъдут,
сæ сахартæм баирвæзын сæ ма бауадзут:
уæ къухтæм уын сæ радта Дунедарæг, уæ
Хуыцау».
20Йешуа æмæ израилæгтæ бындзагъд нык-
кодтой фыдгулты, æрмæст ма дзы иугæйттæ
баирвæзтысты удæгасæй сæ фидар сахартæм.
21Израилы æфсад та Йешуамæ сæрæгасæй
æрбаздæхт Макердайы рæсæнуатмæ. Æмæ
израилæгты ныхмæ хъыпп-сыпп дæр ни-
чиуал уæндыд.
22Уæд Йешуа загъта: «Лæгæты дуар байгом
кæнут æмæ мын уыцы фондз паддзахы мæ
цурмæ æрбакæнут». 23Æмæ йæм æрбакодтой
Йерусалимы паддзахы, Хевроны паддзахы,
Йармуты паддзахы, Лахишы паддзахы æмæ
Еглоны паддзахы. 24Йешуа æппæт израилæг-
тæм дæр фæсидт æмæ йе 'фсæддон хицæут-
тæн загъта: «Рацæут-ма хæстæгдæр æмæ
мæнæ ацы паддзæхты бæрзæйтыл къахæй
æрлæууут». Уыдон бацыдысты æмæ пад-
дзæхты бæрзæйтыл къахæй æрлæууыдысты.
25Йешуа сын ноджыдæр загъта: «Æппын-
дæр мацæмæй тæрсут! Уæ ныфс макуы асæт-
тæд! Фидар лæуут æмæ ма фæцудут! Уæ
фыдгултæй кæимæфæнды дæр куы схæ-
цат — адонау сæ бафхæрдзæни Дунедарæг».
26Уыйадыл Йешуа паддзæхты ныммард-
та æмæ сæ фондз бæласыл æрцауындзын
кодта. Ауыгъдæй фæлæууыдысты изæрмæ.
27Хурныгуылдыл Йешуайы дзырдмæ гæсгæ
мæрдты бæлæстæй æристой, цы лæгæты
æмбæхстысты, уырдæм сæ баппæрстой æмæ
йын йæ бацæуæныл егъау дуртæ бафæл-
дæхтой. Дуртæ абон дæр ма уым лæууынц.
28Тæккæ уыцы бон Йешуа бацахста Маке-
да æмæ йын йæ адæмы æд паддзах кардæй
ныццагъта. Цæрæг удæй дзы цыдæриддæр
уыдис, уыдон Дунедарæджы номыл бабын
кодта, аирвæзыны фадат дзы иуæн дæр нæ
радта. Йерихоны паддзахы хал ахæрын кодта
Макердайы паддзахæн дæр.
29Уый фæстæ Йешуа йе 'фсадимæ Македа-
йæ абалц кодта Ливнæйы сахармæ æмæ йæ
ныхмæ схæцыд. 30Æмæ Дунедарæг Ливнæйы
дæр йæ паддзахимæ радта израилæгты къух-
тæм, æмæ дзы цæрæг удæй цыдæриддæр
уыдис, уыдоны Йешуа карды амæттаг ба-
кодта, аирвæзыны фадат дзы иуæн дæр нæ
радта. Йерихоны паддзахы хал ахæрын кодта
Ливнæйы паддзахæн дæр.
31Уый фæстæ Йешуа æппæт израилæгти-
мæ Ливнæйæ абалц кодта Лахишы сахар-
мæ, æртыхсти йыл æмæ йæ ныхмæ схæцыд.
32Æмæ Дунедарæг израилæгты къухтæм
радта Лахиш, дыккаг бон æй бацахста Йе-
шуа. Цæрæг удæй дзы цыдæриддæр уыдис,
уыдоны дæр, раст Ливнæйы хуызæн, карды
амæттаг бакодта. 33Æмæ уæд Лахишæн æх-
хуысмæ æрбацыди Гезеры паддзах Хорам,
фæлæ йын Йешуа йæхи дæр амардта æмæ
йын йæ адæмы дæр ныццагъта, аирвæзыны
фадат дзы иуæн дæр нæ радта.
34Уый фæстæ Йешуа æппæт израилæгтимæ
Лахишæй ацыд Еглоны сахармæ. Æртыхс-
тысты йыл æмæ йæ ныхмæ схæцыдысты.
35Тæккæ уыцы бон æй бацахстой æмæ йæ
карды амæттаг бакодтой. Цæрæг удæй дзы
цыдæриддæр уыдис, уыдоны дæр, раст Ла-
хишы хуызæн, Йешуа Дунедарæджы номыл
бабын кодта.
36Уый фæстæ Йешуа æппæт израилæгти-
мæ Еглонæй ацыд Хевроны сахармæ. Схæ-
цыдысты йæ ныхмæ 37æмæ йæ бацахстой.
Йæ адæмы æмæ йын йæ паддзахы, стæй
йæ алыварс сахарты цæрджыты дæр карды
амæттаг бакодтой. Еглоны хуызæн Хевроны
цæрджытæй дæр аирвæзыны фадат никæ-
мæн радта Йешуа. Цæрæг удæй дзы цыдæ-
риддæр уыдис — Дунедарæджы номыл сæ
бабын кодта.
38Уый фæстæ Йешуа йе 'фсадимæ фездæх-
ти Девиры сахармæ æмæ йæ ныхмæ схæ-
цыд. 39Бацахста йæ æмæ йын йæ паддзахы
уацары райста, бацахста йын йæ алыварс
сахартæ дæр. Карды амæттаг сæ бакодтой,
цæрæг удæй дзы цыдæриддæр уыдис, Ду-
недарæджы номыл сæ бабын кодтой. Йешуа
дзы аирвæзыны фадат иуæн дæр нæ радта.
Хевроны сахар æмæ йæ паддзахы, стæй
Ливнæйы сахар æмæ йæ паддзахы куыд
бафхæрдта, раст афтæ бафхæрдта Девиры
сахар æмæ йæ паддзахы дæр.
40Афтæмæй Йешуа ныффалгæрон кодта
æгас бæстæ дæр: уæлхох æмæ йе скæсæй-
наг фæхстæ, Шефела æмæ Негев сæ пад-
дзæхтимæ. Цæрæг удæй дзы цыдæриддæр
уыдис — бабын сæ кодта, аирвæзыны фадат
дзы никæмæн радта, Дунедарæг, Израилы
Хуыцау, куыддæриддæр бафæдзæхста, аф-
тæ. 41Йешуа сæ ныццагъта Кадеш-Барнеайæ
Газæйы онг æмæ Гошены бæстæйæ Гивоны
онг. 42Иу ныббырстæй Йешуа басаста æп-
пæт паддзæхты дæр æмæ сын бацахста сæ

зæххытæ. Уый Дунедарæг Йæхæдæг хæцыд
Израилы адæмы сæрыл.
43Уый фæстæ Йешуа æппæт израилæгти-
мæ раздæхти Гилгалмæ, сæ рæсæнуатмæ.

**11** Хацоры паддзах Йавинмæ израилæгты
уæлахизты хабар куы байхъуыст, уæд ар-
выста Мадоны паддзах Йовавмæ, Шимрон
æмæ Ахшафы паддзæхтæм, 2цæгат хæхбæс-
ты паддзæхтæм, Киннереты цадæй хусса-
рæрдæм Иорданы дæлвæзы паддзæхтæм,
Шефелайы паддзæхтæм, Доры æмæ йæ
алыварс Зæххастæуы денджызы былгæро-
ны паддзæхтæм, 3скæсæнæрдыгæй æмæ
ныгуылæнæрдыгæй цæрæг ханаанæгтæм,
стæй аморæгтæм, хеттæгтæм, периззæгтæм
æмæ хæхбæсты йевусæгтæм, стæй Ермо-
ны хохрæбын Мицпайы цæрæг хиввæгтæм.
4Æмæ уыдон се 'фсæдтимæ рараст сты сæ
хæстон стæры. Денджызы былгæрон змисау
æнæнымæц уыдысты, тынг бирæ сæм уыди
бæхтæ æмæ хæстон уæрдæттæ. 5Æрбамбырд
кодтой уыцы паддзæхтæ се 'фсæдтæ иумæ
æмæ Меромы доны цур рæсæнуаты æрлæу-
уыдысты израилæгтимæ схæцынмæ.
6Дунедарæг Йешуайæн загъта: «Ма сæ
фæтæрс, уымæн æмæ сæ райсом ацафон
иууылдæр ныццæгъдын кæндзынæн из-
раилæгтæн. Ды-иу сын фæсхæст сæ бæхты
счъилты нуæрттæ адзæнгæл лас, сæ хæстон
уæрдæттыл та сын арт бафтау».
7Йешуа йе 'фсадимæ æнæнхъæлæджы
бабырста знæгтæм Меромы доны цурмæ.
8Дунедарæг сæ израилæгты къухтæм радта,
æмæ сæ ныддæрæн кодтой. Цæгатæрдыгæй
сæ Сидоны стыр сахары онг, ныгуылæнæр-
дыгæй Мисрефот-Маимы онг, скæсæнæр-
дыгæй та Мицпейы дæлвæзы онг цæгъдгæ
фæсырдтой, аирвæзыны фадат дзы никæ-
мæн радтой. 9Дунедарæг ын куыддæриддæр
загъта, афтæ сын бакодта Йешуа: сæ бæхты
счъилты нуæрттæ сын адзæнгæл ласта, сæ
хæстон уæрдæттыл та сын арт бафтыдта.
10Уый фæстæ Йешуа уырдыгæй раздæхт
æмæ бацахста Хацор — уæды заман уыцы
зылды паддзахæдтæн сæ сæйрагдæр. Йешуа
йын йæ паддзахы кардæй амардта. 11Цæрæг
удæй дзы цыдæриддæр уыдис — израилæг-
тæ сæ ныццагътой, Дунедарæджы номыл
сæ бабын кодтой. Хацоры цæрджытæй иуы
дæр удæгасæй нал ныууагътой. Йешуа та
сын басыгъта сæ сахар.
12Афтæмæй Йешуа басаста уыцы зылды
æппæт паддзæхты дæр, сæ сахартæ сын
бацахста æмæ сын сæ адæмы ныццагъта.
Дунедарæджы цагъар Моисей куыд бафæ-
дзæхста, афтæ сæ бабын кодта Дунедарæджы
номыл. 13Уæвгæ, сахартæ сæ къуыбыртыл
баззадысты, израилæгтæ сæ нæ басыгътой.
Йешуа æрмæстдæр Хацорыл бандзæрста арт.
14Израилæгтæ уыцы сахартæн сæ исбон æмæ
сæ фос иууылдæр рассывтой, сæ адæмы та
сын се 'ппæты дæр карды амæттаг бакод-
той. Аирвæзыны фадат дзы иуæн дæр нæ
радтой. 15Дунедарæг Йæ цагъар Моисейæн
цытæ бафæдзæхста, уыдæттæ Моисей та
бафæдзæхста Йешуайæн, æмæ Дунедарæг
Моисейæн цыдæриддæр загъта, уыдон Йе-
шуа фæстаг дзырды онг сæххæст кодта.
16Йешуа байста æгас бæстæ дæр хуссарæй
цæгатмæ: уæлхох, Негев æнæхъæнæй, Гоше-
ны зæхх иууылдæр, Шефела æмæ Иорданы
дæлвæз, стæй Израилы Шефела æмæ хæх-
бæстæ. 17Сæ арæнтæ хуссарæрдæм аххæссы-
дысты Сеиры бæстæйы фарсмæ Халакы хохы
онг, цæгатæрдæм та — Ливаны дæлвæзы
Ермоны хохрæбын Баал-Гады онг. Йешуа
сын сæ паддзæхты æрцахста æмæ амардта.
18Йешуа дæргъвæтин рæстæг хæцыд уыцы
паддзæхтимæ. 19Æрмæстдæр хиввæгты са-
хар Гивон бафидыдта Израилимæ. Иннæ
сахартæ иууылдæр хæцгæ-хæцын бацахс-
той. 20Уымæн æмæ уыцы адæмты зæрдæйы
Дунедарæджы фæндæй сабухта хиваст туг
æмæ схæцыдысты Израилы ныхмæ, цæ-
мæй сæ израилæгтæ Дунедарæджы номыл
æгъатырæй ныццæгъдой. Дунедарæг афтæ
фæдзæхста Моисейæн.
21Уыцы заман Йешуа Анакы байзæддæгты
ныхмæ рацыди хæстмæ æмæ сæ бындзагъд
ныккодта — Хеврон, Девир æмæ Анавы са-
харты, Иудæ æмæ Израилы æппæт хæхбæс-
ты. Æд сахартæ сæ фесæфта, æлгъыстаг сæ
фæкодта. 22Израилы зæххыл Анакы байзæд-
дæгтæй иу дæр нал баззади. Сæрæгасæй ма
аирвæзтысты æрмæстдæр Газæ, Гат æмæ
Ашдоды сахарты.
23Дунедарæг Моисейæн цы бафæдзæхста,
уый æххæстгæнгæйæ, Йешуа уыцы бæстæ
бацахста æгасæй дæр æмæ йæ Израилы хæ-
дзарвæндæгтыл байуæрста.
Æмæ уæд бæстæ сулæфыди хæсты
хъаймæтæй.

**12** Израилæгтæ Иорданæй скæсæнæрдæм,
стæй Арноны тæрфæй суанг Ермоны хо-
хы онг æмæ Иорданы дæлвæзы скæсæйнаг
фарс цы бæстæтæ бацахстой, уыдонæн сæ
паддзæхтæ, Израилы æфсад кæй басаста,
уыдон, хуыйндысты Сигон æмæ Ог.

2Амораг паддзах Сигон царди Хешбоны.
Йæ паддзахады зæххытæ Арноны донвæдæй,
Арноны уæлвæз Ароерæй æххæссыдысты
Йавочы тæрфы — аммонæгты арæны — онг,
ахстой Галаады хуссайраг æмбис, 3стæй Иор-
даны скæсæйнаг тæрфрæбын Киннереты
денджызæй хуссарæрдæм, Мард денджызы
онг, Бет-Йешимотмæ æмæ Фасгайы хохы
фæхстæм.
4Башаны паддзах Ог, рефаимты баззайæг-
гæгтæй, цардис Аштароты æмæ Едреийы.
5Йæ къухы уыдысты Ермоны хох æмæ Салха,
стæй Башан æнæхъæнæй дæр ныгуылæнæр-
дыгæй Гешуры æмæ Маахайы онг, ноджы ма
Галаады цæгатаг æмбис Хешбоны паддзах
Сигоны арæнты онг.
6Дунедарæджы цагъар Моисей æмæ изра-
илæгтæ басастой Сигоны æмæ Огы, сæ зæхх
сын Дунедарæджы цагъар Моисей радта
Рувимы æмæ Гады хæдзарвæндæгтæн æмæ
Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбисæн.
7Йешуа æмæ израилæгтæ Иорданы ныгуы-
лæнварс цы паддзæхты басастой, уыдонæн
сæ зæххытæ æххæссыдысты цæгатæрдыгæй
Ливаны дæлвæзы Баал-Гады сахарæй хусса-
рæрдæм Сеиры бæстæйы фарсмæ Халакы
хохы онг. Сæ зæххытæ сын Йешуа Израилы
хæдзарвæндæгтыл байуæрста мыггагмæйы
исбонæн. 8Ноджы ма сыл байуæрста хеттæг-
ты, аморæгты, ханаанæгты, периззæгты,
хиввæгты æмæ йевусæгты зæххытæ уæлхохы
æмæ йе скæсæйнаг фæхстыл, Шефелайы,
Иорданы дæлвæзы, Иудæйы æдзæрæг бы-
дыры æмæ Негевы. Мæнæ сæ паддзæхтæ:
9Йерихоны паддзах, Вефилы фарсмæ Гайы
паддзах, 10Йерусалимы паддзах, Хевро-
ны паддзах, 11Йармуты паддзах, Лахишы
паддзах, 12Еглоны паддзах, Гезеры паддзах,
13Девиры паддзах, Гедеры паддзах, 14Хор-
майы паддзах, Арады паддзах, 15Ливнæйы
паддзах, Адулламы паддзах, 16Македайы
паддзах, Вефилы паддзах, 17Таппуахы пад-
дзах, Хеферы паддзах, 18Афекы паддзах,
Шароны паддзах, 19Мадоны паддзах, Хацоры
паддзах, 20Шимрон-Мероны паддзах, Ахша-
фы паддзах, 21Таанахы паддзах, Мегиддойы
паддзах, 22Кедешы паддзах, Кармелы хохрæ-
бын Йокнеамы паддзах, 23Зæххастæуы ден-
джызы былгæрон Доры паддзах, галилейаг
сахар Гоимы паддзах, 24Тирцайы паддзах —
æдæппæт иуæндæс æмæ ссæдз паддзахы.

**13** Йешуа тынг базæронд ис. Дунедарæг ын
загъта: «Бынтондæр базæронд дæ, афтæмæй
уын нырма бацахсинаг зæххытæ дзæвгар
баззад. 2Бацахсинаг уын сты филистимаг
зæххытæ иууылдæр æмæ Гешуры бæстæ.
3Уыцы зæххытæ (нымад цæуынц Ханааны
зæххыты иу хайыл) Мысыры арæныл Шихо-
ры цæугæдонæй цæгатæрдæм æххæссынц
Екронмæ. Фондз филистимаг хицауы зæххы-
тæм хауынц: Газæ, Ашдод, Ашкелон, Гат æмæ
Екрон, стæй аввайæгты зæхх хуссарæрдыгæй.
4Ноджыдæр бацахсинаг у ханаанæгты зæхх
амораг арæныл лæууæг сидойнæгты сахар
Арайæ Афекы сахары онг, 5стæй Гевалы зæхх
æмæ — скæсæнæрдæм — Ливан æнæхъæ-
нæй, Ермоны хохрæбын Баал-Гадæй Ливаны
дæлвæзмæ цæгатæрдыгæй Хаматы сахарæй
бахизæны онг. 6Ливанæй Мисрефот-Маимы
онг хæхбæсты цæрæг æппæт сидойнæгты Æз
Мæхæдæг атæрдзынæн израилæгты разæй.
Ды та зæхх Израилæн халæппæрстæй байу-
ар, куыд дын бафæдзæхстон, афтæ. 7Зæхх
иууылдæр байуар фараст хæдзарвæнда-
гыл æмæ Менассиайы хæдзарвæндаджы
æмбисыл».
8Рувимы æмæ Гады хæдзарвæндæгтæн
æмæ Менассиайы хæдзарвæндаджы иннæ
æмбисæн та Дунедарæджы цагъар Моисей
сæ зæххы хай раздæр радта — Иорданы скæ-
сæнварс: 9Арноны уæлвæз Ароерæй æмæ
донвæды тæккæ уæлбыл сахарæй райдай
æмæ Дивонæй Медевайы æхсæн тъæпæн
æнæхъæнæй, 10амораг паддзах Сигоны са-
хартæ иууылдæр (йæ сæйраг сахар уыди
Хешбон) аммонæгты арæны онг; 11ноджыдæр
Галаад æмæ Гешуры æмæ Маахайы бæстæтæ,
Ермоны хох æнæхъæнæй æмæ Башан иууыл-
дæр Салхайы онг, 12ома Башаны паддзах Огы,
рефаимты фæстаг байзæддаджы, бæстæ
æнæхъæнæй (йæ сæйраг сахартæ уыдыс-
ты Аштарот æмæ Едреи). Сигоны æмæ Огы
басаста Моисей, сæ зæххытæ сын байста.
13Фæлæ израилæгтæ Гешуры æмæ Маахайы
адæмы нæ фæтардтой, æмæ уыдон абон дæр
цæрынц израилæгтимæ.
14Æрмæстдæр Левийы хæдзарвæндагæн
нæ радта Моисей зæххы хай: Дунедарæгæн,
Израилы Хуыцауæн, цы нывæндтæ хæссынц,
уыдон сты сæ исбон, Дунедарæг Моисейæн
куыд загъта, афтæ.
15Рувимы хæдзарвæндаджы мыггæгтæн
Моисей радта мæнæ ацы зæххытæ: 16Арноны
дæлвæзы чи ис, уыцы Ароеры сахар, стæй
дæлвæзæн йæ тæккæ астæу цы сахар ис, уый
дæр; Медевайы онг уæлвæз æнæхъæнæй,

**13:2** Библийы æмбæлæм дыууæ Гешурыл. Сæ иу ис цæгаты — Галилейы денджызы скæсæнварс (Нун 12:5, 13:11, 13 æмæ æндæртæ), иннæ — хуссар Палестинæйы. Ам, стæй 1 Пад 27:8 ныхас цæуы хуссайраг Гешурыл.

17Хешбон æмæ уæлвæзы сахартæ ичуылдæр:
Дивон, Бамот-Баал, Бет-Баал-Меон, 18Йахац,
Кедемот, Мефаат, 19Кирйатаим, Сивма, Це-
рет-Шахар Иорданы скæсæнбыл хæхбæсты,
20Бет-Пеор, Фасгайы хохы фæхстæ, Бет-Йе-
шимот 21æмæ дæлвæзы иннæ сахартæ иууыл-
дæр, амораг паддзах Сигоны бæстæ æнæхъæ-
нæй (йæ сæйраг сахар уыди Хешбон). Сигоны
æмæ йæ зæххыл цæрæг йæ дæлбар мидианаг
æлдæртты — Еви, Рекем, Цур, Хур æмæ Рева-
йы — басаста Моисей. 22Израилæгты карды
амæттаг баци Беоры фырт дæснифæрсæг
Балаам дæр. 23Рувимы хæдзарвæндаджы
зæххыты арæн ныгуылæнæрдыгæй уыдис
Иорданы дон æмæ донæн йе скæсæйнаг был-
гæрон. Ам уыдысты, мыггаггай, Рувимы бай-
зæддæгтæн фыдæй-фыртмæйы исбонæн цы
зæххытæ лæвæрд æрцыди, уыдон: сахартæ
сæ алыварс хъæутимæ.

24Гады хæдзарвæндаджы мыггæгтæн Мои-
сей радта мæнæ ацы зæххытæ: 25Йазер æмæ
Галаады æппæт сахартæ, Раввайæ скæсæ-
нæрдæм Ароеры онг аммонæгты бæстæйы
æмбис, 26стæй Хешбонæй Рамат-Мицпейы
æмæ Бетонимы онг, Маханаимæй та Ло-Де-
вары онг зæххытæ, 27Иорданы тæрфы та:
Бет-Харам, Бет-Нимра, Суккот æмæ Цафон —
Рувимы хайæ фæстæмæ хешбонаг паддзах
Сигоны зæхх, Иорданы дон æмæ донæн йе
скæсæйнаг былгæрон Киннереты денджызы
онг. 28Ам уыдысты, мыггаггай, Гады бай-
зæддæгты фыдæй-фыртмæйы исбойнаг
зæххытæ: сахартæ сæ алыварс хъæутимæ.

29Менассиайы хæдзарвæндаджы мыггæг-
тæн Моисей радта мæнæ ацы зæххытæ: 30Ма-
ханаимæй райдай æмæ Башан иууылдæр,
башанаг паддзах Огы бæстæ æнæхъæнæй
Иаиры цатырхъæутимæ (æртиссæдз хъæуы);
31Галаады æмбис æмæ Башаны паддзах Огы
сæйраг сахартæ Аштарот æмæ Едреи. Уыцы
зæххытæ лæвæрд æрцыдысты Менассиа-
йы фырт Махиры байзæддæгты æмбисæн
мыггаггай.

32Адон сты, Моисей Рувимы хæдзар-
вæндагæн, Гады хæдзарвæндагæн æмæ
Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбисæн
фыдæй-фыртмæйы исбонæн Иорданы фале,
Йерихонæй скæсæнæрдæм, Моавы дæл-
вæзты кæй радта, уыцы зæххытæ. 33Фæлæ
Левийы хæдзарвæндагæн исбон нæ радта:
Дунедарæг, Израилы Хуыцау, уыди сæ исбон,
Йæхæдæг сын куыд загъта, афтæ.

**14** Дарддæр ныхас цæуы, израилæгтæ
Ханааны бæстæйы цы зæххытæ райстой,
уыдоныл. Фыдæй-фыртмæйы исбонæн
сын сæ байуæрстой сауджын Елеазар, Ну-
ны фырт Йешуа æмæ Израилы хæдзарвæн-
дæгтæн сæ мыггæгты хистæртæ. 2Дунедарæг
Моисейæн куыд бафæдзæхста, афтæ сæ фа-
раст хæдзарвæндагæн æмæ Менассиайы хæ-
дзарвæндаджы æмбисæн байуæрстой, хæлт-
тæ сæппаргæйæ. 3Дыууæ хæдзарвæндагæн
æмæ Менассиайы хæдзарвæндаджы иннæ
æмбисæн Моисей йæхæдæг фыдæй-фырт-
мæйы исбонæн радта Иорданы скæсæнварс,
Левийы хæдзарвæндагæн та уыдонимæ ис-
бон нæ радта. 4Йосефы байзæддæгтæ фæдих
сты дыууæ хæдзарвæндагыл: Менассиайы
æмæ Ефремы хæдзарвæндæгтыл. (Левийы
байзæддæгтæн бæстæйæ хай нæ радтой, æр-
мæст сын цæрынæн радтой сахартæ, стæй
сахаргæрæтты сæрвæттæ се стуртæ æмæ сæ
лыстæг фос хизынæн.)

5Афтæмæй израилæгтæ зæхх байуæрстой,
Дунедарæг Моисейæн куыд бафæдзæхста,
афтæ.

6Иудæйы байзæддæгтæ бавдæлдысты
æмæ Гилгалы бацыдысты Йешуамæ. Ие-
фоннейы фырт кенизаг Калев ын загъта:
«Дæхæдæг æй зоныс, Дунедарæг Моисейæн,
Хуыцауы лæггадгæнæгæн, Кадеш-Барнеайы
мæн æмæ дæу тыххæй цы дзырдта, уый.
7Дунедарæджы цагъар Моисей мæн Кадеш-
Барнеайæ ацы бæстæ басгарынмæ куы ар-
выста, уæд мыл цыди дыууиссæдз азы. Куы
æрбаздæхтæн, уæд ын хабæрттæ зæрдæбы-
нæй радзырдтон. 8Мемæ сгарæг чи ацыди,
уыдон Израилы адæмæн сæ ныфс асастой,
æз та иузæрдион уыдтæн Дунедарæгыл, мæ
Хуыцауыл. 9Æмæ уыцы бон Моисей ард ба-
хордта: „Дæ къах кæм æрævæрдтай, уыцы
зæхх фыдæй-фыртмæйы исбонæн мыггагмæ
æнæмæнг лæвæрд уыдзæни дæуæн æмæ дæ
байзæддæгтæн, Дунедарæгыл, мæ Хуыцауыл,
æнæгуырысхойæ кæй дардтай дæ зæрдæ,
уый тыххæй“. 10Æмæ ныр дæхæдæг æвди-
сæн: Дунедарæг мын зæрдæ куыд бавæрдта,
афтæ мæ сæрæгасæй ныууагъта. Израилы
адæм æдзæрæг быдыры хæтæнхуагæй куы
цардысты, уæд загъта Дунедарæг уыцы ны-
хас Моисейæн. Уæдæй нырмæ рацыди фондз
æмæ дыууиссæдз азы. Ныр мыл фондз æмæ
цыппарыссæдзы сæххæст. 11Фæлæ мæ Мои-
сей сгарынмæ куы арвыста, уæдау абон дæр
дæн фидар. Уæд мæм цас хъару уыд, ныр дæр
мæм уыйас хъару ис хотых райсынæн дæр

**13:25** Ныхас цæуы Арноны уæлбыл Ароерыл (кæс 12:2, 13:9, 16) нæ, фæлæ йе ʼмном æндæр сахарыл.

æмæ тохы бацæуынæн дæр. 12Гъемæ мын
ратт, уыцы заман мын Дунедарæг зæрдæ
кæмæй бавæрдта, уыцы хæхбæстæ. Уæд
æй дæхæдæг куы фехъуыстай: цæрынц дзы
Анакы байзæддæгтæ, сæ сахартæ стыр сты,
алырдыгæй — бырутæй æхгæд. Чи зоны, æмæ
мын Дунедарæг ахъаз бакæна, æмæ сæ Йæ
дзырдмæ гæсгæ уырдыгæй фæсурон».
13Йешуа раарфæ кодта Иефоннейы фырт
Калевæн æмæ йын фыдæй-фыртмæйы ис-
бонæн радта Хеврон. 14Афтæмæй Хеврон
ныронг дæр у Иефоннейы фырт кенизаг
Калевы исбон, Дунедарæгыл, Израилы Ху-
ыцауыл, йæ зæрдæ æнæгуырысхойæ кæй
дардта, уый фæрцы. 15Хеврон раздæр хуынди
Кирйат-Арба. Уыцы Арба уыди тæккæ ном-
дзыддæр анакаг лæг.
Бæстæ сулæфыди хæсты хъаймæтæй.

**15** Иудæйы хæдзарвæндаджы мыггæгтæм
цы зæхх æрхауди халæппæрстæй, уый Едо-
мы ныгуылæнвæрсты цыди Цины æдзæрæг
быдыры хуссайраг арæны онг. 2Сæ хуссайраг
арæн райдыдта Мард денджызæн йæ хуссар
былгæронæй 3æмæ Акрабимы хæрдæй хус-
сарæрдæм ацыди Цины æдзæрæг быдырыл,
хуссарæрдыгæй схызти Кадеш-Барнеамæ,
стæй, Хецроны сахарыл ахизгæйæ, схызти
Аддармæ, уырдыгæй фæзылди Каркамæ,
4бахæццæ Ацмонмæ, рахызти Мысыры арæ-
ныл тæрфмæ æмæ йæ кæрон Зæххастæуы
денджызы былгæрæттæм бахаста. Ахæм
уыдис Иудæйы хуссайраг арæн.
5Скæсæйнаг арæн у Мард денджыз, Иордан
æм кæм бакæлы, уый онг.
Цæгатаг арæн райдыдта, Иордан денджыз-
мæ кæм бакæлы, уырдыгæй 6æмæ схызти
Бет-Хогламæ, ацыди Бет-Аравæйæ цæгатæр-
дæм, фæхæрд кодта Рувимы фырт Боханы
къæдзæхы ’рдæм, 7стæй Ахоры тъæпæнæй
схызти Девирмæ, цæгатæрдæм фæзылди
Гилгалмæ (уый та ис Хуыскъададжы хус-
сарварсы Адуммимы хæрды акомкоммæ).
Дарддæр арæн ацыд Ен-Шемешы донгуы-
рæны ’рдæм æмæ бахæццæ Ен-Рогелы дон-
гуырæнмæ. 8Дарддæр ахызт йевусæгты (ома
Йерусалимы) къуылдымыл, хуссарварс
Хинномы фырты дæлвæзыл, æмæ схызти,
Хинномы дæлвæзы ныгуылæнæрдыгæй
цы хох ис, уый сæрмæ (уыцы хох лæууы Ре-
фаимы дæлвæзы цæгатварс). 9Хохы сæрæй
арæн фæзылди Нефтоахы донгуырæнмæ
æмæ рахызт Ефроны хæхбæсты сахартæм,
уырдыгæй та фæзылди Баалamæ (ома Кир-
йат-Иаримmæ). 10Баалайæ фæзылди ныгу-
ылæнæрдæм, Сеиры хæхбæстæм, æрзылд
Иаримы (ома Кесалоны) хохы цæгатгæрæт-
ты, æрхызти Бет-Шемешмæ æмæ ахызти
Тимнайыл. 11Дарддæр арæн рахызт Екроны
цæгатвахсмæ æмæ фæзылди Шиккероны
’рдæм, ахызти Баалайы хæхбæстыл æмæ
бахæццæ Йавнелмæ, уырдыгæй та йæхи
айтыгъта суанг денджызы онг.
12Ныгуылæйнаг арæн у Зæххастæуы ден-
джыз йæ былгæронимæ. Ахæм арæнтæ уыд
Иудæйы байзæддаджы мыггæгты зæххытæн.
13Дунедарæджы фæдзæхстмæ гæсгæ Йе-
шуа Иефоннейы фырт Калевæн Иудæйы
байзæддæгты ’хсæн радта хай: Кирйат-Ар-
ба — Анакы фырт Арбайы сахар (ома Хев-
рон). 14Калев уырдыгæй фæсырдта Анакы
байзæддæгты — Шешайы, Ахиманы æмæ
Талмайы мыггæгты.
15Хевронæй ацыди Девиры ныхмæ хæцын-
мæ. Девир раздæр Кирйат-Сефер хуынди.
16Калев загъта: «Кирйат-Сефермæ чи бабырса
æмæ йæ чи бацахса, уымæн мæ чызг Ахса-
йы ратдзынæн». 17Сахар бацахста Гофниел,
Калевы æфсымæр Кеназы фырт, æмæ йын
Калев йæ чызг Ахсайы радта.
18Чызг бынатыл куы сæмбæлди, уæд æй
йæ мой бацардыдта, дæ фыдæй зæххы хай
ракур, зæгъгæ. Чызг хæрæгæй куы æрхызти,
уæд æй Калев бафарста: «Цы дæ хъæуы?»
19Уый загъта: «Дæ хорзæх мæ уæд, Негевы
мын зæххы хай радтай, æмæ мын æххæст
донгуырæнтæ дæр ратт». Æмæ йын Калев
уæллаг æмæ дæллаг донгуырæнтæ радта.
20-21Мæнæ Иудæйы хæдзарвæндаджы зæх-
хы хæйттæ: хуссаргæроны сахартæ Негe-
вы, Едомы арæнмæ хæстæг: Кавцеел, Едер,
Йагур, 22Кина, Димона, Адада, 23Кедеш,
Хацор, Итнан, 24Зиф, Телем, Беалот, 25Ха-
цор-Хадатта, Керийот-Хецрон (ома Хацор)
26Амам, Шема, Молада, 27Хацар-Гадда, Хеш-
мон, Бет-Пелет, 28Хацар-Шуал, Беер-Шевæ
йæ сахаргæрæттимæ, 29Баала, Ийим, Эцем,
30Елтолад, Кесил, Хорма, 31Циклаг, Мад-
манна, Сансанна, 32Леваот, Шилхим, Аин
æмæ Риммон — æдæппæт фараст æмæ ссæдз
сахары сæ алыварс хъæутимæ. 33Шефелайы:
Ештаол, Цора, Ашна, 34Заноах, Ен-Ганним,
Таппуах, Енам, 35Йармут, Адуллам, Сохо,
Азека, 36Шаараим, Адитаим, Гедера æмæ
Гедеротаим — цыппæрдæс сахары сæ алы-
варс хъæутимæ.

**14:15** Ома «Арбайы сахар». **15:10** Ныхас цæуы, хуссар Палестинæйы чи ис, уыцы хохыл, Сеирыл, ома Едомы бæстæйыл (кæс Райд 25:25; 32:3; Нун 11:17; 12:7 æмæ æнд.) нæ, фæлæ цавæрдæр хæхбæстыл Иудейы, цæгатæрдыгæй.

37Ценан, Хадаша, Мигдал-Гад, 38Дилан,
Мицпе, Йоктеел, 39Лахиш, Боцкат, Еглон,
40Каббон, Лахмас, Китлиш, 41Гедерот, Бет-
Дагон, Наама, Македа – æхсæрдæс сахары
сæ алыварс хъæутимæ.

42Ливнæ, Етер, Ашан, 43Ифтах, Ашна, Не-
цив, 44Кеила, Ахзив æмæ Мареша – фараст
сахары сæ алыварс хъæутимæ.

45Екрон йæ сахаргæрæттимæ æмæ йæ
алыварс хъæутимæ; 46Екронæй Зæххастæ-
уы денджызы ’рдæм Ашдоды цур сахартæ
ииуылдæр сæ алыварс хъæутимæ; 47Ашдод
йæ сахаргæрæттимæ æмæ йæ алыварс хъæу-
тимæ; Газæ йæ сахаргæрæттимæ æмæ йæ
алыварс хъæутимæ суанг Мысыры арæныл
тæрфы онг æмæ Зæххастæуы денджызы онг
йæ былгæронимæ.

48Хæхбæсты: Шамир, Йатир, Сохо, 49Данна,
Кирйат-Санна (ома Девир), 50Анав, Ештемо,
Аним, 51Гошен, Холон æмæ Гило – иуæндæс
сахары сæ алыварс хъæутимæ.

52Арав, Дума, Эшан, 53Йанум, Бет-Таппу-
ах, Афека, 54Хумта, Кирйат-Арба (ома Хев-
рон) æмæ Циор – фараст сахары сæ алыварс
хъæутимæ.

55Маон, Кармел, Зиф, Ютта, 56Изреел, Иок-
деам, Заноах, 57Каин, Гевæ æмæ Тимна – дæс
сахары сæ алыварс хъæутимæ.

58Халхул, Бет-Цур, Гедор, 59Маарат, Бет-
Анот æмæ Елтекон – æхсæз сахары сæ алы-
варс хъæутимæ.

[Текоа, Евфратæ (ома Вифлеем), Пеор, Етам,
Кулон, Татам, Сорес, Карем, Галлим, Бетер
æмæ Манохо – иуæндæс сахары сæ алыварс
хъæутимæ.

60Кирйат-Баал (ома Кирйат-Иарим)
æмæ Равва – дыууæ сахары сæ алыварс
хъæутимæ.]

61Æдзæрæг быдыры: Бет-Аравæ, Миддин,
Сехаха, 62Нившан, Ир-Мелах æмæ Ен-Геди –
æхсæз сахары сæ алыварс хъæутимæ.

63Фæлæ Иудæйы байзæддæгтæм Йерусалимæй
йевусæгты фæсурыны хъомыс нæ
разынд, æмæ абон дæр сæ фарсмæ цæрынц
Йерусалимы.

**16** Йосефы байзæддæгтæм халæппæрстæй
цы зæххытæ æрхауди, уыдоны хуссайраг
арæн скæсæны райдыдта Йерихоны аком-
коммæ Иорданæй, Йерихоны суадæттæй.
Йерихоны рæбынты ныгуылæнæрдæм æдзæ-
рæг быдырыл схызти Вефилы хæхбæстæм,
2Вефилæй йæхи айтыгъта Лузы онг, стæй
бахæццæ Атаротмæ, аркæгтæ кæм цæрынц,
уырдæм 3æмæ дарддæр ныгуылæнæрдæм
æрхызти йафлетæгты æмæ Дæллаг Бет-Хо-
роны зæххытæм, стæй Гезермæ, аххæссыди
суанг Зæххастæуы денджызы онг. 4Ахæм уы-
ди Йосефы фырттæ Менассиа æмæ Ефремы
хæдзарвæндæгты фыдæй-фыртмæйы исбон.

5Ефремы байзæддаджы мыггæгтæ цы зæх-
хытæ райстой, уыдоны хуссайраг арæн скæ-
сæнæрдыгæй райдыдта Атрот-Аддарæй æмæ
ныгуылæнæрдæм йæхи айтыгъта Уæллаг
Бет-Хороны онг. 6Дарддæр арæн æрæнцади
Зæххастæуы денджызыл. Цæгатæрдыгæй
ахæццæ ис Михметатмæ, уым скæсæнæрдæм
фæзылди Таанат-Шиломæ, стæй уый чъыл-
дымты хуссарæрдæм рахызти Йаноахмæ.
7Уырдыгæй æрцыди Атаротмæ æмæ Наара-
мæ, бахæццæ ис Йерихонмæ æмæ афтæмæй
Иорданыл æрлæууыд. 8Таппуахæй арæн
йæхи айтыгъта ныгуылæнæрдæм, Канайы
тæрфы уылты, æмæ йæ кæрон æрлæууыди
Зæххастæуы денджызыл. Ахæм уыдис Еф-
ремы байзæддаджы фыдæй-фыртмæйы ис-
бон мыггагæй. 9Ноджы ма сын Менассиайы
байзæддаджы зæххыл дихгонд æрцыдысты
сахартæ сæ алыварс хъæутимæ.

10Фæлæ Ефремы байзæддæгтæ ханаанæг-
ты Гезерæй нæ фæсырдтой, æмæ абон дæр се
’хсæн цæрынц, æрмæст цагъайрæгтæ систы.

**17** Йæ хал схаудта Йосефы фыццаг зæнæг
Менассиайы хæдзарвæндагæн дæр. Менас-
сиайы фыццаг зæнæг Махирæн – Галаа-
ды фыдæн – йæ байзæддæгтæ хъæбатыр
хæстонтæ кæй уыдысты, уымæ гæсгæ сæ
хай – Галаад æмæ Башан – райстой раз-
дæр. 2Уыцы халмæ гæсгæ зæххытæ райстой
Менассиайы байзæддаджы иннæ мыггæгтæ
дæр: Авиезеры мыггаг, Хелекы мыггаг, Асри-
елы мыггаг, Шехемы мыггаг, Хеферы мыггаг,
Шемидайы мыггаг. Авиезер, Хелек, Асриел,
Шехем, Хефер, Шемида сты Йосефы фырт
Менассиайы нæлгоймаг-байзæддæгтæ æмæ
сæ мыггæгты фыдæлтæ. 3Цалфахадæн (йæ
фыдæлтæ хистæрæй кæстæрмæ: Менассиа,
Махир, Галаад æмæ Хефер) фырттæ нæ уы-
ди, фæлæ æрмæст чызджытæ: Махла, Ноа,
Хогла, Милка æмæ Тирца. 4Чызджытæ сау-
джын Елеазармæ, Нуны фырт Йешуамæ æмæ
адæмы хицæуттæм бацыдысты æмæ сын
загътой: «Дунедарæг Моисейæн бафæдзæхс-
та не ’фсымæрты æмрæнхъ махæн дæр фы-
дæй-фыртмæйы исбонæн зæххытæ раттын».
Æмæ сын Дунедарæджы фæдзæхстмæ гæсгæ
сæ фыды æфсымæртау лæвæрд æрцыди
зæххытæ. 5Афтæмæй Иорданы скæсæнварс
Галаады æмæ Башаны зæххытæй уæлдай

Менассиайы хæдзарвæндагмæ æрхауди
дæс хайы, 6уымæн æмæ Менассиайы бай-
зæддæгтæ, чызджытæ, фыдæй-фыртмæйы
исбон райстой йæ нæлгоймаг байзæддæгты
æмрæнхъ. Галаады зæхх та æрхауди Менас-
сиайы иннæ байзæддæгтæм.

7Менассиайы зæхх Ашерæй аххæссыд
Михметаты онг, уый ис Шехемы акомкоммæ.
Уырдыгæй Менассиайы арæн йæхи айтыгъта
хуссарæрдæм, Ен-Таппуахы донгуырæны
цур Йашувы онг. 8Таппуахы алыварс зæхх
баци Менассиайы хай, Менассиайы арæ-
ныл Таппуахы сахар йæхæдæг та — Ефремы
байзæддæгты хай. 9Дарддæр арæн æрхызти
Канайы тæрфмæ. Уырдыгæй хуссарæрдæм
сахартæ сты Ефремы, кæд Менассиайы са-
харты æхсæн сты, уæддæр. Дарддæр Менас-
сиайы арæн цыди тæрфы цæгатвæрсты æмæ
æххæссыди суанг Зæххастæуы денджызмæ.
10Хуссары зæххытæ сты Ефремы, цæгаты
зæххытæ та — Менассиайы. Сæ арæн уыди
Зæххастæуы денджыз. Цæгатæрдыгæй æма-
рæн уыдысты Асиримæ, скæсæнæрдыгæй
та — Иссахаримæ. 11Иссахары æмæ Асиры
зæххыл Менассиамæ æрхаудысты Бет-Шеан,
Ивлеам, Дор, Ен-Дор, Таанах æмæ Мегиддо
сæ сахаргæрæттимæ. 12Фæлæ Менассиайы
байзæддæгты бон нæ бацис уыцы сахар-
тæ байсын, æмæ ханаанæгтæ ацы зæххыл
цæргæйæ баззадысты. 13Фæстæдæр та из-
раилæгтæ сæ тыхы куы бацыдысты, уæд
ханаанæгтæй цагъайрæгтæ скодтой, фæлæ
сæ нæ фæсырдтой.

14Иуахæмы Йосефы байзæддæгтæ Йе-
шуайæн загътой: «Иунæг хал нын цæмæн
сæппæрстай æмæ нын иу хай йеддæмæ
цæуылнæ радтай фыдæй-фыртмæйы ис-
бонæн, Дунедарæджы арфæйæ тынг куы
сбирæ стæм, уæд?» 15Йешуа сын дзуапп рад-
та: «Кæд афтæ сбирæ стут, æмæ уын Ефре-
мы хæхбæстæ скъуындæг ис, уæд марадзут,
хъæдбæстæм балидзут æмæ уым периззæгтæ
æмæ рефаимты зæххыл уæхицæн бынат
æрсыгъдæг кæнут». 16Йосефы байзæддæгтæ
загътой: «Хæхбæстæ нын скъуындæг ис цæ-
рынæн. Дæлвæзы чи цæры, уыцы ханаанæг-
тæм та — Бет-Шеан æмæ йæ сахаргæрæтты,
стæй Изреелы дæлвæзы — ис æфсæндзагъд
хæстон уæрдæттæ». 17Уæд Йешуа Йосефы хæ-
дзарвæндагæн — Ефремы æмæ Менассиайы
байзæддæгтæн — загъта: «Бирæ адæм стут,
æмæ уæ хъару дæр бирæ у. Уымæ гæсгæ иу
халæй нæ ахицæн уыдзæн уæ хай, 18фæлæ
хъæдбыны хæхбæстæ дæр сымах уыдзæн.
Æрсыгъдæг æй кæнут, æмæ хохрæбынтимæ
уæхи бауыдзæн. Ханаанæгтæм та кæд æф-
сæндзагъд уæрдæттæ ис æмæ цыфæнды
тыхджын сты, уæддæр сæ фæсурдзыстут».

**18** Израилы адæм æрæмбырд сты Силомы
æмæ уым æрæвæрдтой Хуыцауимæ Фембæл-
ды Цатыр. Уæдмæ бæстæ иууылдæр сæ къу-
хы уыд. 2Фæлæ Израилы хæдзарвæндæгтæй
авдыл сæ фыдæй-фыртмæйы исбон уæрст
нæма æрцыд. 3Йешуа израилæгтæн загъта:
«Дунедарæг, уæ фыдæлты Хуыцау, сымахæн
цы бæстæ радта, уый райсынмæ цæуыл-
нæ ацæут? Цы боны хорзмæ ма æнхъæлмæ
кæсут? 4Алы хæдзарвæндагæй дæр фæйнæ
æртæ лæджы равзарут. Æз сæ арвитдзынæн
бæстæйыл æрзилынмæ. Йæ нывæц ын би-
ноныг æрфыссæнт æмæ бахынцæнт, зæххы
хæйттыл æй куыд адих кæнæн ис, уый, стæй
мæм æрбаздæхæнт фæстæмæ. 5Бæстæ авд
хайыл адих кæнæнт. Иудæйы байзæддæгтæ
хуссары сæ зæххы хайыл баззайæнт, Йосефы
хæдзарвæндаг дæр йæ зæххыл баззайæд
цæгаты. 6Сымах та бæстæйы иннæ хай би-
ноныг æрфыссут æмæ йæ авд хайыл куыд
адих кодтат, уый æрфыст мæм æрбахæссут:
æз уын ам хæлттæ сæппардзынæн Дунеда-
рæджы, нæ Хуыцауы, раз. 7Левийы байзæд-
дæгтæн сымахимæ хай нæй — Дунедарæджы
сауджынтæ кæй сты, уый у сæ исбон. Гад,
Рувим æмæ Менассиайы хæдзарвæндаджы
æмбис та фыдæй-фыртмæйы исбон райстой
Иорданы скæсæнварс, Дунедарæджы цагъар
Моисей сын æй радта».

8Йешуа, зæхх æрфыссынмæ чи цыди, уы-
донæн бафæдзæхста: «Марадзут, бæстæйыл
æрзилут, биноныг ын æрфыссут йæ нывæц
æмæ мæм уый фæстæ æрбаздæхут. Æз та
уын ам, Силомы, Дунедарæджы раз хæлттæ
сæппардзынæн».

9Уыдон бæстæйыл æрзылдысты æмæ йæ
авд хайыл дихгондæй чиныджы æрфыстой
сахарты номхыгъдимæ, стæй æрбаздæх-
тысты Йешуамæ — Силомы сахары цур йæ
рæсæнуатмæ. 10Силомы, Дунедарæджы раз,
Йешуа хæлттæ сæппæрста æмæ Израилы
хæдзарвæндæгтыл зæхх байуæрста.

11Фыццаг схаудта Бениамины хæдзар-
вæндаджы мыггæгты хал. Йæ зæххыты хай
уыди Иудæйы байзæддаджы æмæ Йосефы
байзæддаджы зæххыты ’хсæн.

12Йæ цæгатаг арæн райдыдта Иорданæй,
базылди Йерихоны цæгатварсæрдæм, дард-
дæр йе ’ргом сарæзта ныгуылæнæрдæм æмæ
схызти хæхтæм, стæй йæхи айтыгъта Бет-
Авены цур æдзæрæг быдырмæ. 13Уырдыгæй

арæн бацыди Лузы (ома Вефилы) сахары
’рдæм, йæ хуссарварсмæ, æмæ æрхызти Ат-
рот-Аддармæ, Дæллаг Бет-Хоронæй хусса-
рæрдæм цы хох уыди, уымæ.
14Ам, ныгуылæны, арæн фæзылди хуссар-
мæ: Бет-Хороны хуссарварс цы хох ис, уымæй
йæхи айтыгъта Иудæйы байзæддæгты сахар
Кирйат-Баалы (ома Кирйат-Иаримы) онг.
Уый уыди йæ ныгуылæйнаг арæн.
15Хуссайраг арæн райдыдта Кирйат-Иари-
мы цур æмæ хæццæ кодта Нефтоахы дон-
гуырæны онг. 16Уырдыгæй арæн æрхызти
Хинномы фырты дæлвæзы акомкоммæ æмæ,
Рефаимы дæлвæзы цæгатварс цы хох ис,
уый фахсмæ. Стæй Хинномы дæлвæзыл
æрхызти йевусæгты къуылдымы хуссар-
варсмæ æмæ фæуырдыг кодта Ен-Рогелы
донгуырæнмæ. 17Дарддæр арæн фæзылди
цæгатæрдæм, бахæццæ Ен-Шемешмæ, ба-
хызт Адуммимы хæрды акомкоммæ Ге-
лилотмæ æмæ фæуырдыг кодта Рувимы
фырт Боханы къæдзæхы ’рдæм. 18Стæй ба-
хæццæ Бет-Аравæйы цæгатварсмæ æмæ
æрхызт Иорданы дæлвæзмæ. 19Дарддæр
йæхи айтыгъта Бет-Хоглайы цæгатварсæр-
дæм æмæ банцади Мард денджызы цæгатаг
былгæроныл, Иордан денджызмæ кæм кæ-
лы, уым. Уый уыди хуссайраг арæн, Иордан
та — скæсæйнаг арæн. 20Ацы зæххытæ сæ
алыварс арæнтимæ уыдысты Бениамины
байзæддæгты, се ’ппæт мыггæгты фыдæй-
фыртмæйы исбон.
21Бениамины хæдзарвæндаджы мыггæг-
ты сахартæ уыдысты: Йерихон, Бет-Хогла,
Емек-Кециц, 22Бет-Аравæ, Цемараим, Вефил,
23Аввим, Пара, Офра, 24Кефар-Аммони, Офни
æмæ Гевæ — дыууадæс сахары сæ алыварс
хъæутимæ. 25Гивон, Рама, Беерот, 26Мицпе,
Кефира, Моца, 27Рекем, Ирпеел, Тарала, 28Це-
ла-Елеф, Йевус (ома Йерусалим), Гевæ æмæ
Кирйат-Иарим — цыппæрдæс сахары сæ
алыварс хъæутимæ. Ахæм уыди мыггаггай
Бениамины байзæддæгты фыдæй-фырт-
мæйы исбон.

**19** Дыккаг схаудта Симеоны хæдзарвæнда-
джы мыггæгты хал. Йæ зæххыты хай уыдис
Иудæйы байзæддаджы зæххыты ’хсæн. 2Си-
меоны зæххы хаймæ хаудтой: Беер-Шевæ
кæнæ Шевæ, Молада, 3Хацар-Шуал, Бала,
Эцем, 4Елтолад, Бетул, Хорма, 5Циклаг, Бет-
Маркавот, Хацар-Суса, 6Бет-Леваот æмæ
Шарухен — æртындæс сахары сæ алыварс
хъæутимæ; 7Аин, Риммон, Етер æмæ Ашан —
цыппар сахары сæ алыварс хъæутимæ, 8стæй
ацы сахарты алыварс суанг Баалат-Беры
æмæ Рамат-Негевы онг цы хъæутæ уыдис,
уыдон иууылдæр.
Ахæм уыди Симеоны хæдзарвæндаджы
мыггæгты фыдæй-фыртмæйы исбон. 9Лæ-
вæрд сын æрцыд Иудæйы байзæддæгты
зæххытæй. Иудæйы хæдзарвæндагæн сæ
зæххы хай егъау кæй уыди, уымæ гæсгæ
Симеоны байзæддæгтæ фыдæй-фыртмæ-
йы исбон райстой уыдоны зæххыты ’хсæн.
10Æртыккаг схаудта Зевулоны байзæддæг-
ты хал — мыггаггай. Сæ зæххы хай хæццæ
кодта Сариды онг. 11Ныгуылæнæрдæм ссыди
Маралайы онг, бахæццæ Даббешетмæ æмæ,
Йокнеамы раз цы тæрф ис, уыл æрлæууыд.
12Саридæй скæсæнæрдæм та арæн ахæццæ
Кислот-Таворы зæххыты онг, уырдыгæй
ахызти Даверaтмæ æмæ ссыди Йафиамæ.
13Ардыгæй дарддæр скæсæнæрдæм цыди
Гат-Хефермæ æмæ Ет-Кацинмæ, ахызт Рим-
монмæ æмæ фæзылд Неамæ. 14Дарддæр
цæгатаг арæн цыди ныгуылæнæрдæм, цæ-
гатæй æрзылд Ханнатоныл æмæ Ифтах-Елы
дæлвæзы æрлæууыд. 15Зевулоны зæххытæм
хаудтой Каттат, Нахалал, Шимрон, Идала
æмæ Вифлеем. Æдæппæт дыууадæс сахары
сæ алыварс хъæутимæ.
16Ахæм уыди Зевулоны байзæддæгты фы-
дæй-фыртмæйы зæххы хай мыггаггай. Уы-
дон сты сæ сахартæ сæ алыварс хъæутимæ.
17Цыппæрæм схаудта Иссахары байзæд-
дæгты хал мыггаггай. 18Сæ зæххы хаймæ
хаудтой Изреел, Кесуллот, Шунем, 19Хафа-
раим, Шион, Анахарат, 20Раббит, Кишион,
Евец, 21Ремет, Ен-Ганним, Ен-Хадда æмæ
Бет-Паццец. 22Арæн цæгаты хæццæ кодта
Фаворы хохмæ, Шахацим æмæ Бет-Шемеш-
мæ, скæсæны та банцад Иорданыл. Æдæп-
пæт æхсæрдæс сахары сæ алыварс хъæутимæ.
23Ахæм уыд Иссахары хæдзарвæндаджы
зæххы хай мыггаггай. Уыдон сты сæ сахартæ
сæ алыварс хъæутимæ.
24Фæндзæм схаудта Асиры хæдзарвæн-
даджы хал мыггаггай. 25Сæ зæххы хай-
мæ хаудтой Хелкат, Хали, Бетен, Ахшаф,
26Аламелех, Амад æмæ Мишал. Сæ хуссайраг
арæн ныгуылæнæрдыгæй хæццæ кодта Кар-
мелы хохмæ æмæ Шихор-Ливнаты тæрфмæ.
27Скæсæнæрдæм та арæн цыд Бет-Дагонмæ
æмæ цæгатæрдыгæй Ифтах-Елы дæлвæзмæ
æввахс хæццæ кодта Зевулоны зæххытæм.
Дарддæр арæн цыд Бет-Емек æмæ Неиелмæ
æмæ цæгатæрдæм Кавулмæ бахызт. 28Но-
джыдæр Асиры зæххытæм хаудтой Еврон,
Рехов, Хаммон æмæ Кана. Арæн хæццæ кодта

Стыр Сидоны онг, 29дарддæр фæзылд Рама-
мæ, бацыди фидар сахар Тиры онг, фæзылди
Хосамæ æмæ Зæххастæуы денджызы был-
гæрæттыл банцад. Уымæй уæлдай Асиры
зæххытæм хаудтой Махалав, Ахзив, 30Умма,
Афек æмæ Рехов. Æдæппæт дыууæ æмæ
ссæдз сахары сæ алыварс хъæутимæ.
31Ахæм уыдис Асиры хæдзарвæндаджы
мыггæгты фыдæй-фыртмæйы исбон. Адон
уыдысты сæ сахартæ сæ алыварс хъæутимæ.
32Неффалимы байзæддæгтæн, се 'ппæт
мыггæтæн, сæ хал уыдис æхсæзæм. 33Сæ
зæххы хуссайраг арæн Хелефæй æмæ Ца-
ананнимы тулдзæй скæсæнæрдæм йæхи
айтыгъта Адами-Некевмæ æмæ Йавнелмæ,
бахæццæ Лакуммæ æмæ Иорданыл банцад.
34Ныгуылæнæрдæм арæн фæзылд Азнот-Та-
вормæ, уырдыгæй та – Хукокмæ. Хуссарæр-
дыгæй Неффалимы зæххы æмарæн уыди
Зевулоны зæхх, ныгуылæнæрдыгæй – Асиры
зæхх, скæсæнæрдыгæй та, Иорданы былыл, –
Иудæйы зæхх. 35Неффалимы зæххы хаймæ
хаудтой фидар сахартæ Циддим, Цер, Хам-
мат, Раккат, Киннерет, 36Адама, Рама, Хацор,
37Кедеш, Едреи, Ен-Хацор, 38Ирон, Мигдал-Ел,
Хорем, Бет-Анат æмæ Бет-Шемеш. Æдæппæт
нудæс сахары сæ алыварс хъæутимæ.
39Ахæм уыд Неффалимы хæдзарвæнда-
джы фыдæй-фыртмæйы зæххы хай мыг-
гаггай. Уыдон сты сæ сахартæ сæ алыварс
хъæутимæ.
40Даны хæдзарвæндаджы мыггæгтæн сæ
хал уыд æвдæм. 41Сæ зæххы хаймæ хаудтой
Цора, Ештаол, Ир-Шемеш, 42Шаалвим, Айа-
лон, Итла, 43Елон, Тимна, Екрон, 44Елтехъе,
Гиббетон, Баалат, 45Йехуд, Бене-Берак, Гат-
Риммон, 46Ме-Иаркон æмæ Раккон, стæй
Яффойы бакомкоммæ зæххытæ.
47Даны хæдзарвæндаг фæстæдæр, сæ зæхх
куы фесæфтой, уæд ссыдысты Лешеммæ,
балæбурдтой йæм, бацахстой йæ æмæ йын
йæ адæмы кардæй ныццагътой. Ацы сахар
сси сæ фыдæй-фыртмæйы исбон, æрцар-
дысты дзы æмæ йæ сæ фыдæл Даны кадæн
схуыдтой Дан.
48Ахæм уыд Даны хæдзарвæндаджы фы-
дæй-фыртмæйы зæххы хай мыггаггай. Уы-
дон сты сæ сахартæ алыварс хъæутимæ.
49Израилæгтæ зæххытæ куы байуæрстой,
уæд Нуны фырт Йешуайæн сæ зæххытæй
радих кодтой хай – фыдæй-фыртмæйы ис-
бонæн. 50Дунедарæджы фæдзæхстмæ гæсгæ
йын радтой, Йешуа йæхицæн кæй куырдта,
уыцы сахар Тимнат-Серах, Ефремы хæхбæс-
ты. Йешуа сахар рацарæзта æмæ дзы царди.
51Ацы зæххытæ сты, сауджын Елеазар,
Нуны фырт Йешуа æмæ Израилы мыггæгты
хистæртæ хæдзарвæндæгтæн хæлттæм гæс-
гæ Силомы, Дунедарæджы раз, Фембæлды
Цатырмæ бацæуæны цур цы зæххы хæйт-
тæ байуæрстой, уыдон. Уыйадыл зæххытæ
уæрст фесты.

**20** Дунедарæг Йешуайæн загъта: 2«Изра-
илæгтæм зæгъ, цæмæй сæхицæн снысан
кæной æмбæхсæн сахартæ, кæддæр уын
уый тыххæй Моисейæн куыд бафæдзæхстон,
афтæ. 3Æмæ æнæбары искæй чи амара, уы-
мæн уым уыдзæни тугисæджы азарæй йæ
сæр бафснайыны фадат. 4Цы сахармæ лидза,
уымæн-иу раздæр йæ кулдуары цур æрлæу-
уæд æмæ сахары хистæртæн йæ хъуыддаг
радзурæд. Уый фæстæ-иу æй уыдон сахар-
мæ бауадзæнт æмæ йын уым цæрæнбынат
раттæнт. 5Тугисæг йæ фæдыл фæдисы куы
'рбацæуа, уæд ын æй йæ къухмæ ма раттæнт,
уымæн æмæ амардта æнæбары, йæ амæттаг
ын уæд дæр æмæ уымæй размæ дæр æнæ-
уынон нæ уыди. 6Гъемæ æмбæхсæн сахары
цæрæд, цалынмæ дзыллæйы тæрхоны раз
æрлæууа кæнæ, бæллæх цы алчеры заман
æрцыд, уый амæла, уæдмæ, стæй-иу, кæ-
цæй ралыгъд, уыцы сахармæ йæ хæдзармæ
аздæхæд».
7Æмæ израилæгтæ сæрæфснайынæн сны-
сан кодтой мæнæ ацы сахартæ: Галилейы,
Неффалимы байзæддæгты хæхбæсты – Ке-
деш, Ефремы фæдонты хæхбæсты – Шехем,
иудейæгты хæхбæсты та – Кирйат-Арба
(ома Хеврон).
8Иорданы фале, Йерихонæй скæсæнæ-
рдæм сæрæфснайынæн сбæрæг кодтой мæнæ
ацы сахартæ: æдзæрæг быдыры, тъæпæны –
Бецер (Рувимы хæдзарвæндаджы зæххæй),
Галаады – Рамот (Гады хæдзарвæндаджы
зæххæй) æмæ Башаны – Голан (Менассиайы
хæдзарвæндаджы зæххæй).
9Рахастой ахæм уынаффæ: израилæгтæй,
йе та се 'хсæн цæрæг æрцæуæггæгтæй исчи
æнæбары искæй куы амара, уæд, цалынмæ
дзыллæйы тæрхоны раз æрлæууа, уæдмæ
йын уым туджджынтæй йæ сæр бафснайы-
ны фадат уæд.

**21** Левитты мыггæгты хистæртæ бацы-
дысты сауджын Елеазармæ, Нуны фырт Йе-
шуамæ æмæ Израилы мыггæгты хистæр-
тæм – 2уый уыди Ханааны зæххыл, Силомы
сахары, – æмæ сын загътой: «Дунедарæг йæ
заманы Моисейæн бафæдзæхста, цæмæй

нын лæвæрд æрцæуа цæрæн сахартæ, сахар-
ты алывæрсты та — нæ фосæн сæрвæттæ».
3Ӕмæ Дунедарæджы фæдзæхстмæ гæсгæ
израилæгтæ сæ зæххы хæйттæй левит-
тæн рауæлдай кодтой сахартæ сæ алыварс
сæрвæттимæ.

4Кехаты мыггагæн хал сæппæрстой æмæ
халмæ гæсгæ сауджын Аароны байзæддæг-
тæм, левиттæм, Иудæ, Симеон æмæ Бениа-
мины хæдзарвæндæгтæй æрхауди æртындæс
сахары. 5Кехаты иннæ байзæддæгтæм, ле-
виттæм, Ефрем æмæ Даны хæдзарвæндæг-
ты, стæй Менассиайы хæдзарвæндаджы
æмбисы мыггæгтæй халмæ гæсгæ æрхауди
дæс сахары. 6Гершоны байзæддæгтæм — ле-
виттæм, Иссахары, Асиры æмæ Неффалимы
хæдзарвæндæгты, стæй Менассиайы хæ-
дзарвæндаджы æмбисы мыггæгтæй халмæ
гæсгæ Башаны æрхауди æртындæс сахары.
7Мерарийы байзæддæгтæм, левиттæм, сæ
мыггæгтæм гæсгæ, Рувимы, Гады æмæ Зе-
вулоны хæдзарвæндæгтæй æрхауди дыу-
уадæс сахары. 8Ацы сахартæ израилæгтæ
сæ алыварс сæрвæттимæ левиттæн радтой
халмæ гæсгæ, Дунедарæг Моисейæн куыд
бафæдзæхста, афтæ.

9Мæнæ, Иудæ æмæ Симеоны хæдзарвæн-
дæгтæй левиттæм цы сахартæ æрхауд, уыдон.
10Лæвæрд æрцыдысты Аароны фæстагæт-
тæн — Кегъаты байзæддæгтæн, левиттæн,
уымæн æмæ фыццаг уыдоны хал схаудта.
11Радтой сын Анакы фыд Арбайы сахар —
Кирйат-Арба (ома Хеврон), Иудæйы хохыл,
æмæ сахарæн йæ алыварс сæрвæттæ. 12Ӕцæг,
ацы сахары алыварс быдыртæ æмæ хъæутæ
исбонæн радтой Иефоннейы фырт Калевæн.

13Сауджын Аароны байзæддæгтæн радтой
æмбæхсæн сахар Хеврон йæ алыварс сæр-
вæттимæ, стæй Ливнæйы сахар йæ алыварс
сæрвæттимæ; 14Йатир йæ алыварс сæрвæт-
тимæ, Ештемоа йæ алыварс сæрвæттимæ,
15Холон йæ алыварс сæрвæттимæ, Девир
йæ алыварс сæрвæттимæ, 16Аин йæ алыварс
сæрвæттимæ, Ютта йæ алыварс сæрвæттимæ,
Бет-Шемеш йæ алыварс сæрвæттимæ: фараст
сахары ацы дыууæ хæдзарвæндагæй. 17Бени-
амины хæдзарвæндагæй: Гивон йæ алыварс
сæрвæттимæ, Гевæ йæ алыварс сæрвæттимæ,
18Анатот йæ алыварс сæрвæттимæ, Алмон
йæ алыварс сæрвæттимæ: цыппар сахары.

19Аароны байзæддæгтæм, сауджынтæм,
æдæппæтæй æрхауди æртындæс сахары
сæ алыварс сæрвæттимæ. 20Кехаты бай-
зæддæгтæм, левитты иннæ хæдзарвæндæг-
тæм, халмæ гæсгæ сахартæ æрхауди Ефремы
хæдзарвæндагæй. 21Ефремы хохыл сын рад-
той æмбæхсæн сахар Шехем йæ алыварс сæр-
вæттимæ, стæй Гезер йæ алыварс сæрвæт-
тимæ; 22Кивцаим йæ алыварс сæрвæттимæ,
Бет-Хорон йæ алыварс сæрвæттимæ: цыппар
сахары. 23Даны хæдзарвæндагæй сын радтой
Елтехъе йæ алыварс сæрвæттимæ, Гиббетон
йæ алыварс сæрвæттимæ, 24Айалон йæ алы-
варс сæрвæттимæ, Гат-Риммон йæ алыварс
сæрвæттимæ: цыппар сахары. 25Менассиайы
хæдзарвæндаджы æмбисæй сын радтой Та-
анах йæ алыварс сæрвæттимæ, Гат-Риммон
йæ алыварс сæрвæттимæ: дыууæ сахары.
26Кехаты байзæддæгтæм — левитты иннæ
мыггæгтæм, æдæппæтæй æрхауди дæс са-
хары сæ алыварс сæрвæттимæ.

27Гершоны байзæддæгтæн, левитты мыг-
гæгтæн, радтой: Менассиайы хæдзарвæн-
даджы æмбисæй — æмбæхсæн сахар Голан
йæ алыварс сæрвæттимæ Башаны, стæй Бе-
ештерайы йæ алыварс сæрвæттимæ: дыууæ
сахары. 28Иссахары хæдзарвæндагæй — Ки-
шион йæ алыварс сæрвæттимæ, Даверат йæ
алыварс сæрвæттимæ, 29Йармут йæ алыварс
сæрвæттимæ, Ен-Ганним йæ алыварс сæр-
вæттимæ: цыппар сахары. 30Асиры хæдзар-
вæндагæй — Мишал йæ алыварс сæрвætти-
мæ, Авдон йæ алыварс сæрвæттимæ, 31Хелкат
йæ алыварс сæрвæттимæ, Рехов йæ алыварс
сæрвæттимæ: цыппар сахары. 32Неффалимы
хæдзарвæндагæй — æмбæхсæн сахар Кедеш
йæ алыварс сæрвæттимæ Галилейы, Хаммот-
Дор йæ алыварс сæрвæттимæ, Картан йæ
алыварс сæрвæттимæ: æртæ сахары. 33Аф-
тæмæй Гершоны байзæддæгтæм, левитты
мыггæгтæм, æдæппæт æрхауди æртындæс
сахары сæ алыварс сæрвæттимæ.

34Мерарийы байзæддæгтæн, левитты иннæ
мыггæгтæн, радтой: Зевулоны хæдзарвæн-
дагæй — Йокнеам йæ алыварс сæрвæттимæ,
Карта йæ алыварс сæрвæттимæ, 35Димна йæ
алыварс сæрвæттимæ, Нахалал йæ алыварс
сæрвæттимæ: цыппар сахары. 36Рувимы
хæдзарвæндагæй — æмбæхсæн сахар Бецер
йæ алыварс сæрвæттимæ, Йахац йæ алы-
варс сæрвæттимæ, 37Кедемот йæ алыварс
сæрвæттимæ, Мефаат йæ алыварс сæрвæт-
тимæ: цыппар сахары. 38Гады хæдзарвæн-
дагæй — æмбæхсæн сахар Рамот йæ алыварс
сæрвæттимæ Галаады, стæй Маханаим йæ
алыварс сæрвæттимæ; 39Хешбон йæ алыварс
сæрвæттимæ, Йазер йæ алыварс сæрвæтти-
мæ: æдæппæтæй цыппар сахары.

40Мерарийы байзæддæгтæм — левит-
ты мыггæгтæм, халæппæрстæй æдæппæт

æрхауди дыууадæс сахары. 41Израилæгты
зæххыты æхсæн левиттæн æдæппæт уыди
аст æмæ дыууиссæдз сахары сæ алыварс
сæрвæттимæ. 42Уыцы сахартимæ сын лæ-
вæрд цыдысты сæ алыварс сæрвæттæ дæр.
43Æмæ афтæмæй Дунедарæг Израилы адæ-
мæн радта, сæ фыдæлтæн сын ард кæмæй
бахордта, уыцы зæххытæ иууылдæр, æмæ
сæ фыдæй-фыртмæйы исбонæн райстой
æмæ дзы æрцардысты. 44Дунедарæг сын
удæнцой цард радта алырдыгæй дæр, сæ
фыдæлтæн ард куыд бахордта, афтæ. Сæ
фыдгултæй иунæджы бон дæр сæ ныхмæ
фæлæууын нæ бацис. Иууылдæр сын сæ
Дунедарæг радта сæ къухтæм.
45Дунедарæг Израилы хæдзарæн цæмæй-
дæриддæр зæрдæ бавæрдта, уыдонæй иу дæр
æнæ сæххæстгæнгæ нæ баззад — алцыдæр
дзы сæххæст.

**22** Уæд Йешуа фæсидти Рувимы æмæ Гады
хæдзарвæндæгтæ æмæ Менассиайы хæ-
дзарвæндаджы æмбисмæ æмæ сын загъта:
2«Сымах сæххæст кодтат, Дунедарæджы
минæвар Моисей уын цыдæриддæр бафæ-
дзæхста, уыдон. Мæ бардзырдтыл мын дыу-
уæ никуы загътат. 3Абоны онг бирæ бонты
дæргъы уе 'фсымæрты тыхст уавæры никуы
ныууагътат. Сæххæст кодтат, Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы, фæдзæхстмæ гæсгæ æххæст-
гæнинаг цы уыдис, уыдæттæ иууылдæр.
4Ныр Дунедарæг, уæ Хуыцау, уе 'фсымæртæн
зæрдæ куыд бавæрдта, афтæ сын æнцой цард
ралæвар кодта. Гъемæ уын Дунедарæджы
минæвар Моисей Иорданы фале исбонæн
цы зæххытæ радта, уыдонмæ аздæхут. 5Æр-
мæст уæхи хъарут, Дунедарæджы минæвар
Моисей уын цытæ фæдзæхста, уыдæттæ
æмæ уын цы дин ныууагъта, уый биноныг
æххæст кæныныл. Уарзут Дунедарæджы, уæ
Хуыцауы, Йæ амынд фæндæгтыл Ын цæут,
Йæ фæдзæхстытыл Ын иузæрдион ут, уæхи
Йыл ныхасут æмæ Йын зæрдиагæй, уæ уды
æппæт хъарутæй лæггад кæнут».
6Уый фæстæ сын Йешуа раарфæ кодта
æмæ сæ ауагъта, æмæ сæ алчи йæ хæдзармæ
аздæхт. 7Менассиайы хæдзарвæндаджы иу
æмбисæн Моисей зæххы хай радта Башаны.
Йæ иннæ æмбисæн та йын Йешуа зæххы хай
радта Иорданы ацы фарс ныгуылæнæрдæм,
иннæ израилæгты фарсмæ. Æмæ сæ Йешуа
Хуыцауы арфæимæ сæ хæдзæрттæм куы
'рвыста, 8уæд сын загъта: «Стыр мулкимæ
здæхут уæ хæдзæрттæм, тынг бирæ фоси-
мæ, æвзистимæ, сыгъзæринимæ, æрхуыимæ
æмæ æфсæйнагимæ, дарæсы фæлыстытимæ.
Æмæ уæ фыдгултæй цы бирæ мулк байстат,
уый уе 'фсымæртимæ байуарут».
9Рувим æмæ Гады байзæддæгтæ, стæй Ме-
нассиайы хæдзарвæндаджы æмбис Ханааны
сахар Силомæй, се 'фсымæр израилæгты
цурæй, аздæхтысты Галаадмæ, сæ зæхмæ,
Дунедарæг сын Моисейы уылты цы бардзырд
радта, уымæ гæсгæ кæй бацахстой, уырдæм.
10Ханааны зæххы, Иорданмæ хæстæг цы
Гелилот ис, уымæ куы 'рбахæццæ сты, уæд
Рувим æмæ Гады байзæддæгтæ, стæй Ме-
нассиайы хæдзарвæндаджы æмбис уыцы
ран сарæзтой егъау нывондхæссæн.
11Æмæ уыцы хабар байхъуыст иннæ из-
раилæгтæм: уыдон базыдтой, Рувим æмæ
Гады байзæддæгтæ, стæй Менассиайы хæ-
дзарвæндаджы æмбис Ханааны арæныл,
Иорданы раз чи ис, уыцы Гелилоты, израи-
лæгты 'рдыгæй, нывондхæссæн кæй сарæз-
той, уый. 12Æмæ Израилы дзыллæ иууылдæр
æрæмбырд сты Силомы, цæмæй сæ ныхмæ
хæстмæ рацæуой. 13Фæлæ уал израилæг-
тæ Рувим æмæ Гады байзæддæгты, стæй
Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбисмæ
Галаады зæхмæ арвыстой сауджын Елеазары
фырт Пинхасы. 14Йемæ ацыди дæс фæтæ-
джы, Израилы хæдзарвæндæгты фæтæгтæ,
алы хæдзарвæндагæй дæр — иу. 15Бахæццæ
сты Галаады зæхмæ, Рувимы, Гады æмæ
Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбисы бай-
зæддæгтæ кæм уыдысты, уырдæм. Уыдон
сын загътой: 16«Дунедарæджы дзыллæ уын
уайдзæф кæны: Израилы Хуыцауыл гадзра-
хатæй цæмæн рацыдыстут? Уæхи Йыл цæ-
мæн атигъ кодтат? Уæхицæн нывондхæссæн
кæй сарæзтат, уымæй Дунедарæджы ныхмæ
рацыдыстут. 17Пеоры цы тæригъæд ракодтат,
уый уын фаг нæу? Абоны онг дæр дзы куы
нæма ссыгъдæг стæм æмæ Дунедарæджы
дзыллæ уый тыххæй куы баййæфта æфхæрд!
18Сымах сыстырзæрдæ стут Дунедарæгыл!
Абон сыстадыстут Дунедарæджы ныхмæ,
райсом та Дунедарæджы фыдæх баййафдзæн
Израилы æппæт адæмы. 19Кæд уæ зæххы
хай фæчъизи ис, уæд рацæут Дунедарæджы
зæххы хаймæ — Йæ Уаз Цæрæн кæм лæу-
уы, уырдæм! Мах цур хай райсут уæхицæн,
фæлæ Дунедарæджы ныхмæ ма цæут æмæ
мах дæр азымаг ма кæнут, уæхицæн Дуне-
дарæджы, нæ Хуыцауы, нывондхæссæнæй
уæлдай æндæр нывондхæссæн кæй аразут,
уымæй. 20Зарахы фырт Ахан, æлгъыстаг цы
уыд, уымæ куы фæныхылдта, уæд иунæгæй
нæ сарæзта йæ фыдракæнд? Фæлæ иунæг

йæхæдæг нæ амарди йæ тæригъæды аххо-
сæй. Хуыцауы фыдæх баййæфта Израилы
æппæт адæмы дæр».
21Рувимы байзæддæгтæ, Гады байзæд-
дæгтæ æмæ Менассиайы хæдзарвæндаджы
æмбисы байзæддаг Израилы хæдзарвæндæг-
ты фæтæгтæн радтой ахæм дзуапп: 22«Хуы-
цæутты Хуыцау — Дунедарæг! Хуыцæутты
Хуыцау — Дунедарæг! Уый йæ зоны, æмæ
йæ Израилы адæм дæр зонæнт! Кæд мах
Дунедарæджы ныхмæ рацыдыстæм, стыр-
зæрдæ Йыл кæнæм, уæд нæ тæккæ абон
Дунедарæджы фыдæх баййафæд! 23Кæд æмæ
мах, нывондхæссæн кæй сарæзтам, уымæй
Дунедарæгыл сыстырзæрдæ стæм, кæд нæ
нывондхæссæн иууылсудзинаг нывæндтæ
æмæ хойраджы хуынтæ хæссыны æмæ фи-
дыды нывæндтæ хæссыны тыххæй сарæз-
там, уæд нын Дунедарæг Йæхæдæг фæуæд
тæрхонгæнæг! 24Мах нæ нывондхæссæн уый
тыххæй сарæзтам, цæмæй уæ байзæддæгтæ
фидæны нæ байзæддæгтæн ма бауайдзæф
кæной: „Сымах та цы бар дарут Дунеда-
рæгмæ, Израилы Хуыцаумæ! 25Дунедарæг
мах æмæ сымах æхсæн, Рувимы æмæ Гады
байзæддæгтæ, арæнæн сæвæрдта Иордан.
Æмæ сымах Дунедарæджы адæм не стут!“
Афтæмæй уæ байзæддаджы аххосæй нæ
байзæддаг фидæны бон Дунедарæгæн кад
нал кодтаиккой. 26Уымæ гæсгæ мах загътам:
„Нæхицæн нывондхæссæн саразæм, фæлæ
иууылсудзинæгтæ æмæ нывæндтæ хæссы-
нæн нæ. 27Уадз æмæ уыцы нывондхæссæн
махæн дæр æмæ сымахæн дæр, стæй нæ
фæстагæттæн дæр уа æцæг æвдисæн, нæ
иууылсудзинæгтæ, нæ кусæрттаг нывæнд-
тæ æмæ нæ арфæтæй нæ бон Дунедарæгæн
лæггад кæнын кæй у, уымæн, цæмæй уæ
байзæддæгтæ фидæны нæ байзæддæгтæн
ма бауайдзæф кæной, сымах Дунедарæджы
адæм не стут, зæгъгæ“. 28Намæ нын куы
бауайдзæф кæной, уæд сын раттын хъæу-
дзæн ахæм дзуапп: „Уынут Дунедарæджы
нывондхæссæны халдих? Уый нæ фыдæлтæ
иууылсудзинæгтæн æмæ кусæрттаг ны-
вæндтæ хæссынæн нæ сарæзтой, фæлæ мах
æмæ сымах æхсæн æвдисæнæн“. 29Уымæн
уæвæн нæй, æмæ мах Дунедарæджы ныхмæ
рацæуæм, нæхи Йыл атигъ кæнæм, æмæ
Дунедарæгæн, нæ Хуыцауæн, Йæ Цатыры
раз цы нывондхæссæн ис, уымæй уæлдай
иууылсудзинæгтæн, хойраджы хуынтæн
æмæ кусæрттаг нывæндтæн æндæр нывонд-
хæссæн саразæм». 30Сауджын Пинхас æмæ,
Израилы дзыллæйæ йемæ чи уыди, уыцы
хистæртæ — хæдзарвæндæгты фæтæгтæ —
Рувимы байзæддаджы, Гады байзæддаджы
æмæ Менассиайы байзæддаджы ныхæстæм
куы байхъуыстой, уæд бацин кодтой. 31Æмæ
Елеазары фырт сауджын Пинхас загъта Ру-
вим æмæ Гады байзæддæгтæн, стæй Менас-
сиайы хæдзарвæндаджы æмбисæн: «Абон
мах базыдтам, Дунедарæг не ’хсæн кæй ис,
уый. Сымах Дунедарæджы ныхмæ кæй нæ
рацыдыстут, уымæй Израилы адæмы ба-
хызтат Йæ азарæй».
32Уыцы ныхасы фæстæ Елеазары фырт
сауджын Пинхас æмæ дзыллæйы хистæртæ
Рувим æмæ Гады байзæддæгтæн хæрзбон
загътой æмæ Галаадæй ацыдысты, Ханааны
зæхмæ израилæгтæм æрбаздæхтысты æмæ
сын, цы федтой, цы фехъуыстой, уыдæттæ
рафæзмыдтой. 33Израилы адæм дæр уы-
цы хабарыл бацин кодтой æмæ Хуыцауæн
раарфæ кодтой. Рувим æмæ Гады байзæд-
дæгты ныхмæ схæцыны фæнд аивтой æмæ
сын сæ зæххытæ гæныстон кæнынмæ нал
бавнæлдтой.
34Рувим æмæ Гады байзæддæгтæ сæ ны-
вондхæссæн схуыдтой Ед. Загътой: «Ацы
нывондхæссæн нæ дыууæтæн дæр у, Ду-
недарæг нæ Хуыцау кæй у, уый æвдисæн».

**23** Дунедарæг Израилы йæ алыварс знæг-
тæй куы сæдас кодта, уæдæй фæстæмæ дзæв-
гар рæстæг рацыд. Йешуа хæрз зæронд бацис.
2Иуахæмы фæсидт Израилы адæммæ, сæ
хистæртæм, сæ хицæуттæм, сæ тæрхонгæн-
джытæм æмæ сæ хъусдарджытæм, æмæ сын
загъта: «Ныр æз мæ тæккæ зæронды кармæ
бахæццæ дæн. 3Сымах иууылдæр федтат,
Дунедарæг, уæ Хуыцау, амы адæмтæн уæ
цæстыты раз цытæ бакодта, уый, уымæн
æмæ Дунедарæг, уæ Хуыцау, Йæхæдæг хæцы-
ди уæ сæрыл. 4Гъемæ уын æз халæппæрстæй
уæ хæдзарвæндæгтæн исбонæн байуæрстон,
ардыгон адæмтæй ма сæрæгас чи у, уыдоны
зæххытæ, Иорданæй хурныгуылæнердæм —
суанг Стыр денджызы онг (уыимæ, цы адæм-
ты ныццагътон, уыдоны зæххытæ дæр). 5Уæ
цурæй уын Дунедарæг, уæ Хуыцау, Йæхæдæг
фæсурдзæни уыцы адæмты, ныффалгæрон
сæ кæндзæн, æмæ сын сæ зæххытæ уæхицæн
фыдæй-фыртмæйы исбонæн райсдзыстут,
йæ заманы уын Дунедарæг, уæ Хуыцау, зæр-
дæ куыд бавæрдта, афтæ. 6Уымæ гæсгæ уæхи
хъарут, Моисейы Æгъдауы чиныджы цы-
дæриддæр фыст ис, уыдæттæ æнæхъæнæй

**22:34** Ед – Æвдисæн.

æххæст кæныныл, мадæр дзы рахизæрдæм
ахизут, мадæр галиуæрдæм. 7Амы адæмтæй
уе 'хсæн чи баззади, уыдонимæ æмдзæхдон
ма кæнут, сæ хуыцæутты нæмттæ уæ фе-
рох уæнт, уыдоны номæй ард ма хæрут, ма
сын лæггад кæнут, мадæр сын кувгæ кæнут.
8Фæлтау æнувыд ут Дунедарæгыл, уæ Хуы-
цауыл, ныронг Ыл куыд æнувыд уыдыстут,
афтæ. 9Дунедарæг уын уæ цурæй фæсырдта
стыр æмæ домбай адæмты, æмæ абоны онг
уæ ныхмæ фæлæууыны хъару никæцы адæм-
мæ разынд. 10Сымахæй иу лæг йæ хъæлæсы
ахæссы мин фыдгулы, уымæн æмæ уын
Дунедарæг, уæ Хуыцау, куыд дзырдта, афтæ
Йæхæдæг хæцы уæ фарс. 11Уымæ гæсгæ цы-
фæндыйæ дæр уæхи хъарут Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы, уарзыныл. 12Уæ чъылдым Æм
куы раздахат æмæ, ардыгон адæмтæй уе
'хсæн чи баззад, уыдонимæ куы сæмдзæхдон
уат, семæ хæстæгиуæг куы кæнат æмæ куы
схæццæ уат, 13уæд æй зонут: Дунедарæг уын,
уæ Хуыцау, ацы адæмты нал фæсурдзæни уæ
цурæй, фæлæ уын басгуыхдзысты хурхыл
æвæрд бæндæн æмæ хыз, уæ фæрсчытæ
нæмæн уис æмæ уæ цæстыты ныхсæг сындз,
цалынмæ уын Дунедарæг, уæ Хуыцау, цы
алæмæты зæхх балæвар кодта, уымæй тард
не 'рцæуат, уæдмæ.

14Алы цæрæг удæн дæр йæ фæстаг балц
кæдæм вæййы, уырдæм мын рæхджы цæу-
гæ у. Æмæ уын фæдзæхсын, мисхалы бæрц
дæр ма гуырысхо кæнут: Дунедарæг, уæ
Хуыцау, сымах тыххæй цы хæлар ныхæстæ
загъта, уыдонæй иунæг дæр дзæгъæлы нæ
уыд. Иууылдæр сæххæст сты, иунæг дзырд
дæр дзы æнæ сæххæст нæ баззади. 15Фæлæ
уын Дунедарæг, уæ Хуыцау, цы хæлар ны-
хæстæ загъта, уыдонæй алкæцы дæр куыд
сæххæст кодта, афтæ сæххæст кæндзæн Йæ
алы æртхъирæн ныхас дæр, цалынмæ уæ, цы
дзæбæх зæхх уын радта, уырдыгæй фесафа,
уæдмæ. 16Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, фæ-
дзæхст куы ницæмæ æрдарат, уемæ цæуыл
бафидыдта, уый сæрты куы ахизат æмæ
æндæр хуыцæуттæн лæггад кæнын æмæ
кувын куы райдайат, уæд уæ Дунедарæджы
азар басудздзæн, æмæ рæхджы бон уæ кой,
уæ хъæр дæр нал уыдзæни, цы алæмæты
зæхх уын балæвар кодта, ууыл».

**24** Израилы хæдзарвæндæгты се 'ппæты
дæр Йешуа æрæмбырд кодта Шехеммæ, уыи-
мæ фæсидт Израилы хистæртæм, дзыллæйы
хицæуттæм, тæрхонгæнджытæм æмæ хъус-
дарджытæм, æмæ иууылдæр æрлæууыдысты
Хуыцауы раз. 2Йешуа дзыллæйæн загъта:
«Дунедарæг, Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы:
„Рагзаманы уæ фыдæлтæ — суанг Авраам
æмæ Нахоры фыд Терахы онг — цардысты
доны фале æмæ лæггад кодтой æцæгæлон
хуыцæуттæн. 3Фæлæ уын Æз уæ фыдæл Ав-
раамы æрбакодтон доны фалейæ, фенын
ын кодтон Ханааны зæхх иууылдæр æмæ
йын йæ байзæддаджы сбирæ кодтон. Радтон
ын фырт — Исаакы. 4Исаакæн радтон Йако-
вы æмæ Исавы. Исавæн фыдæй-фыртмæйы
исбонæн радтон Сеиры хох, Йаков æмæ йæ
фырттæ та Мысырмæ ацыдысты. 5Иу заман
сæм уырдæм арвыстон Моисей æмæ Аароны,
Мысыры адæмыл фыдрынтæ бафтыдтон,
цæмæй уæ уырдыгæй раирвæзын кæнон.
6Æмæ уын уæ фыдæлты ракодтон Мысырæй.
Мысырæгтæ — тохуæрдæттæ æмæ барæг
æфсад — фæдисы рацыдысты æмæ сæ суанг
Сырх денджызы онг фæсте сырдтой. 7Фæлæ
Мæм уæ фыдæлтæ æххуысмæ куы скуывтой,
уæд Æз сымахæй мысырæгты 'хсæн дуне
ныттар кодтон, мысырæгтæм денджызы
уылæнтæ сарæзтон, æмæ сæ быны фесты.
Уæхи цæстæй федтат, Æз мысырæгтæн цы
бакодтон, уыдæттæ. Уый фæстæ сымах дзæв-
гар рæстæг фæцардыстут æдзæрæг быдыры.
8Уый фæстæ уæ Æз æрбакодтон Иорданы
фале цæрæг аморæгты зæхмæ. Уыдон уемæ
схæцыдысты, фæлæ уын сæ Æз радтон уæ
къухтæм. Ныццагътон сæ уæхи цæстыты
раз, æмæ сын сымах бацахстат сæ зæхх — сси
уын фыдæй-фыртмæйы исбон. 9Уæд Ципоры
фырт Балак, Моавы паддзах, Израилимæ
схæцыд æмæ фæсидти Беоры фырт Бала-
аммæ, цæмæй уæ ралгъита. 10Фæлæ Мæн нæ
бафæндыди Балаамы æлгъыстытæм хъусын,
æмæ уын уый раарфæ кодта, æмæ уæ Æз
афтæмæй йе 'лгъысты азарæй фервæзын
кодтон. 11Сымах æрбахызтыстут Иорданыл
æмæ бахæццæ стут Йерихонмæ. Уæ ныхмæ
хæцын байдыдтой Йерихоны цæрджытæ,
аморæгтæ, периззæгтæ, ханаанæгтæ, хеттæг-
тæ, гиргашæгтæ, хиввæгтæ æмæ йевусæгтæ,
фæлæ уын сæ Æз уæ къухтæм радтон. 12Уæ
разæй уын дыдынты æвзæн арвыстон, æмæ
уæ цирхъытæ æмæ фæттæ нæ, фæлæ уыдон
аиуварс кодтой уæ фæндагæй дыууæ амораг
паддзахы æд æфсад. 13Æз уын радтон, кæуыл
нæ бафыдæбон кодтат, уыцы зæхх, кæй нæ
сарæзтат, уыцы сахартæ, æмæ дзы ныр сымах
цæрут. Цы сæндæттæ æмæ оливæ бæлæстæ
нæ ныссагътат, уыдоны дыргътæ хæрут“».

14«Гъемæ, — дзырдта дардæр Йешуа, —
аргъуыц кæнут Дунедарæгæн, лæггад Ын

кæнут сыгъдæгзæрдæйæ, æнæхинæй! Доны
фале æмæ Мысыры уæ фыдæлтæ кæмæн
лæггад кодтой, уыцы хуыцæуттыл уæ къух
ауигъут, æмæ лæггад кæнут æрмæстдæр
Дунедарæгæн! [15]Кæд æмæ уæ нæ фæнды
Дунедарæгæн лæггад кæнын, уæд та абон
уæхицæн равзарут, кæмæн лæггадгæнинаг
стут, уыдоны. Уæ фыдæлтæ доны фале кæ-
мæн лæггад кодтой, уыцы аморæгты хуы-
цæуттæн уæ æрфæндыди лæггад кæнын?
Уæ бар — уæхи. Æз æмæ мæ хæдзар лæггад
кæндзыстæм æрмæстдæр Дунедарæгæн».
[16]Æмæ йын адæм дзуапп радтой: «Нæ, мах
Дунедарæджы ныууадзæм æмæ æндæр хуы-
цæуттæн лæггад кæнæм, уымæн уæвæн нæй!
[17]Уымæн æмæ Дунедарæг мах Хуыцау у, Уый
ракодта мах дæр æмæ нæ фыдæлты дæр
Мысыры зæххæй, цагъайраджы æфсондзы
бынæй, æмæ нын равдыста стыр диссæгтæ.
Фæндагыл нæ хъахъхъæдта райдайæнæй
кæронмæ. Хъахъхъæдта нæ, цы адæмты
зæххыл-иу цыдыстæм, уыдоны фыдæхæй
дæр. [18]Дунедарæг нын нæ цурæй фæсырд-
та æппæт адæмты, ацы зæххыл чи царди,
уыцы аморæгты дæр. Уымæ гæсгæ мах дæр
лæггад кæндзыстæм Дунедарæгæн, уымæн
æмæ нæ Хуыцау у».
[19]Йешуа адæмæн загъта: «Дунедарæгæн
лæггад кæнын уæ бон нæ бауыдзæн, уымæн
æмæ Уый сыгъдæг Хуыцау у, æнувыд Хуыцау,
уе 'наккаг митæ æмæ уын уæ тæригъæдтæ нæ
ныббардзæн. [20]Дунедарæджы куы ныууадзат
æмæ æцæгæлон хуыцæуттæн лæггад кæнын
куы райдайат, уæд уыл Йе 'ппæт хæрзты
фæстæ Йæ фыдбылыз бафтаудзæн æмæ уæ
ныццæгъддзæн». [21]Æмæ адæм Йешуайæн
загътой: «Нæ, мах Дунедарæгæн лæггад кæн-
дзыстæм». [22]Йешуа адæмæн загъта: «Дуне-
дарæджы кæй равзæрстат æмæ Йын лæггад
кæй кæндзыстут, уымæн æвдисæн лæуут
уæхæдæг уæхицæн?» Адæм дзуапп радтой:
«Лæууæм æвдисæн». [23]«Уæдæ æцæгæлон ху-
ыцæуттыл уæ къух ауигъут æмæ уæ зæрдæ
Дунедарæгмæ, Израилы Хуыцаумæ, аздахут».
[24]Адæм Йешуайæн загътой: «Дунедарæгæн,
нæ Хуыцауæн, кæндзыстæм лæггад æмæ Йæ
коммæ кæсдзыстæм».
[25]Йешуа уыцы бон адæмимæ бафидыдта,
уым сын, Шехемы сахары, радта Хуыца-
уы уагæвæрдтæ æмæ амындтытæ. [26]Йешуа
ацы ныхæстæ ныффыста Хуыцауы Æгъдауы
чиныджы, стыр дур райста æмæ йæ Дуне-
дарæджы Уаз Цæрæны фарсмæ тулдзы бын
сæвæрдта. [27]Æмæ Йешуа адæмæн се 'ппæ-
тæн дæр загъта: «Ацы дур нын уыдзæни
æвдисæн: уый фехъуыста, Дунедарæг нын
цыдæриддæр загъта, уыдон. Хуыцауыл уæ-
хи куы атигъ кæнат, уæд ацы дур æвдисæн
уыдзæни уæ ныхмæ». [28]Æмæ Йешуа адæмы
ауагъта, алкæй дæр йæ зæххы хаймæ.
[29]Уымæй иу цасдæр рæстæджы фæстæ
Нуны фырт Йешуа, Дунедарæджы цагъар,
амарди. Цыди йыл дæс æмæ фондзыссæдз
азы. [30]Йешуайы банығæдтой йæ зæххы ха-
йы, Ефремы хохыл Тимнат-Серахы, Гаашы
хохæн цæгатæрдыгæй.
[31]Йешуайы заман дæр æмæ, йæ фæстæ чи
рацард æмæ, Дунедарæг Израилы сæраппонд
цы стыр хъуыддæгтæ сарæзта, уыдон йæхи
цæстæй чи федта, уыцы хистæрты заман
дæр израилæгтæ æнувыдæй лæггад кодтой
Дунедарæгæн.
[32]Израилæгтæ Йосефы стджытæ дæр,
Мысырæй семæ кæй рахастой, уыдон, ба-
нығæдтой Шехемы, Йаков Шехемы фыд
Хаморы фырттæй сæдæ æвзист æхцайæ
кæй балхæдта æмæ Йосефы байзæддагæн
фыдæй-фыртмæйы исбон чи сси, уыцы
зæххы хайы.
[33]Амарди Aароны фырт Елеазар дæр, æмæ
йæ банығæдтой йæ фырт Пинхасы сахар
Гевæйы, Ефремы хæхты, Пинхасæн цæрæн-
уатæн лæвæрд чи æрцыд, уым. [34][Уыцы бон
израилæгтæ райстой Фидыды Чырын æмæ
йæ семæ хастой, Пинхас та сын йæ фыд Еле-
азары бæсты сауджын уыдис йæ амæлæтмæ.
Куы амард, уæд æй йæ сахары, Гевæйы, ба-
нығæдтой. [35]Израилæгтæй алчи йæ бынатмæ,
йæ сахармæ, фæфардæг ис. [36]Иштар æмæ
Аштерот, стæй сæ алыварс цы адæмтæ цард,
уыдоны хуыцæуттæм кувын райдыдтой. Уы-
йадыл сæ Дунедарæг Моавы паддзах Еглоны
къухмæ радта æмæ æстдæс азы дæргъы йæ
дæлбар уыдысты.]

# ФÆТÆГТЫ ЧИНЫГ

Фæтæгты чиныджы æвдыст цæуы Израилы историйы тæккæ вазыгджындæр замантæй иу. Уый уыдис, израилæгтæ Ханааны зæхх куы бацахстой, фæлæ сæ сæргъы паддзæхтæ куы нæма æрлæууыдысты, уыцы заман. Чиныджы дзырдæуы израилæгты хæстон уæлахизтыл, стæй, ханаанæгтыл фæуæлахиз уæвгæйæ, Ханааны цæрæг адæмтæн уыцы зæххæй се 'ппæты кæй нæ фæтардтой, уыыл. Уый нæ, фæлæ ма сын куыдфæстæмæ сæ муртаттаг æгъдæуттæ æмæ фæткæвæрдтæ дæр фæзмын райдыдтой, æмæ уымæй Хуыцауы сæхимæ смæсты кодтой (1:1–2:9).

Чиныджы сæйраг хайы (2:10–16:31) кæрæдзийы ивынц, бирæ хæттыты чи æрцыди, уыцы иухуызон цаутæ: адæм тæригъæды цæуынц, Хуыцау сæ æфхæры æмæ сæ уынгæджы кæны сыхаг адæмты 'рбабырстытæй; израилæгтæ Дунедарæгмæ æхххуысмæ дзыназынц; Дунедарæг сын ратты фæтæджы, цæмæй сæ уый фервæзын кæна бæллæхæй. Адæмæн-иу сæ фæтæгтæ кæд Хуыцауы 'взæрст уыдысты, уæддæр алы хатт раст хъуыддæгтæ нæ кодтой, уымæн æмæ сын уыди адæймаджы тæригъæдджын æрдзыхъæд. Уымæ гæсгæ-иу знагыл фæуæлахизы фæстæ тагъд рæстæджы алцыдæр фæстæмæ йæ раздæры гаччы сбадти.

Чиныг фæвæййы дыууæ трагикон цауæй. Уыдон уæлдай ирддæрæй æвдисынц, израилæгтæй «алчидæр, йæхимæ куыд растдæр касти, афтæ куы кодта», уыцы змæст заман (17–21 сæртæ).

---

**1** Йешуайы мæлæты фæстæ израилæгтæ
Дунедарæджы бафарстой: «Ханааны ныхмæ
хæцынмæ нæ чи акæндзæн?» 2Дунедарæг
сын дзуапп радта: «Иудæйы байзæддæгтæ.
Æз сын ацы зæхх сæ къухмæ дæттын». 3-4Уæд
Иудæйы фæдонтæ се 'фсымæртæн, Симеоны
байзæддæгтæн, загътой: «Цомут немæ, нæ
зæххы хай байсынмæ нын баххуыс кæнут,
ханаанæгты ныхмæ немæ хæстмæ рацæут.
Мах дæр уемæ ацæудзыстæм уæ зæххы хай
байсынмæ». Æмæ Симеоны байзæддæгтæ
ацыдысты семæ.

Иудæйы фæдонтæ араст сты балцы. Ду-
недарæг сын радта уæлахиз, ханаанæгтæ
æмæ периззæгты басастой, Безекы сахары
дæс мин лæджы амардтой. 5Адони-Безекыл
сахары сæмбæлдысты æмæ йемæ схæцыдыс-
ты, ханаанæгтæ æмæ периззæгты ныддæрæн
кодтой. 6Адони-Безек алыгъди, фæлæ йæ
фæсте асырдтой, æрцахстой йæ æмæ йын
йæ къухтæ æмæ къæхты стыр æнгуылдзтæ
ныллыг кодтой.

7Уæд Адони-Безек загъта: «Дæс æмæ æр-
тиссæдз паддзахы, сæ къухтæ æмæ сæ къæх-
ты стыр æнгуылдзтæ уыдысты лыг, афтæ-
мæй мæ фынджы бын уæлдæйттæ уыгътой;
мæхæдæг иннæтæн цытæ кодтон, уыдæттæ
мын Хуыцау мæхицæн дæр бавзарын кодта».

Израилæгтæ Адони-Безекы Йерусалиммæ
акодтой, æмæ уым амарди.

8Иудæйы байзæддæгтæ Йерусалиммæ ба-
бырстой æмæ йæ бацахстой, йæ цæрджыты
йын ныццагътой, сахар та басыгътой. 9Уый
фæстæ хæхты, Негев æмæ Шефелайы чи
цард, уыцы ханаанæгты ныхмæ хæцынмæ
ацыдысты. 10Хевроны цæрæг ханаанæгтæм
бабырстой (раздæр Хеврон Кирйат-Арба ху-
ынди) æмæ амардтой Шешай, Ахиман æмæ
Талмайы. 11Уырдыгæй ацыдысты Девиры
ныхмæ хæцынмæ. Девир раздæр хуынди
Кирйат-Сефер. 12Калев загъта: «Кирйат-
Сефермæ чи бабырса æмæ йæ чи бацах-
са, уымæн мæ чызг Ахсайы ратдзынæн».
13Сахар бацахста Гофниел, Калевы кæстæр
æфсымæр Кеназы фырт, æмæ йын Калев
йæ чызг Ахсайы радта. 14Йæ ацыды размæ
Ахса Гофниелæн балæгъстæ кодта, цæмæй
йын йæ фыдæй зæххы хай ракура. Чызг
куыддæр хæрæгæй æрхызт, афтæ йæ Калев
бафарста: «Цы дæ хъæуы?» 15Уый загъта:
«Дæ хорзæх мæ уæд, Негевы мын зæххы хай
радтай, æмæ мын æххæст донгуырæнтæ дæр
ратт». Æмæ йын Калев уæллаг æмæ дæллаг
донгуырæнтæ радта.

16Моисейы каисы фæдонтæ, кенæгтæ, Иу-
дæйы байзæддæгтимæ Пальмæты сахарæй
ацыдысты иудейаг æдзæрæг быдыр Негев-
мæ æмæ уым Арады хуссарварс бынæттон
адæмы 'хсæн æрцардысты.

17Иудæйы байзæддæгтæ æмæ Симеоны
фæдонтæ, Цефаты цы ханаанæгтæ царди,

**1:16** Пальмæты сахарæй – ома Йерихонæй.

уыдоны ныхмæ схæцыдысты æмæ сæ ныц-
цагътой. Сахар æлгъыстаг фæкодтой æмæ
дзы дур дурыл нал ныуугътой. Уæдæй
нырмæ сахары ном хуыйны Хорма. 18Иудæ
бацахста Газæ æмæ, йæ алфамбылай цы
сахартæ ис, уыдон, стæй Ашкелон, Екрон
æмæ сæ алфамбылай зæххытæ. 19Дунеда-
рæг уыди Иудæйы фарс, æмæ хæхты цæрæг
адæмтыл фæуæлахиз сты, фæлæ дæлвæзы
чи црд, уыдоны нæ басастой, уымæн æмæ
сæм уыди æфсæн уæрдæттæ.
20Калевæн радтой Хеврон, Моисей куыд
бафæдзæхста, афтæ, æмæ йæ Анакы æртæ
байзæддагæй байста. 21Бениамины байзæд-
дæгтæ йевусæгтæй Йерусалимы сахар нæ
байстой, æмæ йевусæгтæ абоны онг Бениа-
мины байзæддагимæ Йерусалимы цæрынц.
22Йосефы фæдонтæ Вефилмæ хæстмæ ацы-
дысты. Дунедарæг уыди семæ. 23Йосефы
байзæддæгтæ Вефилы сахармæ дардæй сæ
цæст дардтой. Уыцы сахар раздæр Луз ху-
ынди. 24Иу лæджы дзы рацæугæ куы федтой,
уæд ын загътой: «Сахармæ кæуылты бахи-
зæм, уый нын бацамон, æмæ дын дæ хорз
хорзæй бафиддзыстæм». 25Лæг сын, кæуылты
бахъуызой, уый бацамыдта, æмæ сахар ныд-
дæрæн кодтой, йæ цæрджыты йын ныццагъ-
той. Уыцы лæджы та йе 'ппæт мыггагимæ
ауагътой. 26Уый ацыди хеттæгты зæхмæ æмæ
уым сахар сарæзта, схуыдта йæ Луз. Уыцы
сахар абоны онг дæр афтæ хуыйны.
27Менассиайы байзæддæгтæ Бет-Шеан,
Таанах, Дор, Ивлеам æмæ Мегиддо, стæй сæ
алыварс цы хъæутæ уыди, уыдон нæ бацахс-
той. Ханаанæгтæ уыцы хъæуты цæргæйæ
баззадысты. 28Фæстæдæр израилæгтæ, куы
фæтыхджындæр сты, уæд ханаанæгтæй хъа-
лон исын райдыдтой, фæлæ сын уæддæр сæ
зæххытæ нæ бацахстой.
29Ефремы фæдонтæ нæ фæуæлахиз сты
Гезеры цæрæг ханаанæгтыл. Ханаанæгтæ
Гезеры, Ефремы зæххы хайыл, цæргæйæ
баззадысты.
30Зевулоны байзæддæгтæ Китрон æмæ
Нахалолы сахартæ нæ басастой. Ханаанæгтæ
Зевулоны зæххы хайыл цæргæйæ баззадыс-
ты, фæлæ сын хъалон фыстой.
31Асиры байзæддæгтæ Ако, Сидон, Ахлав,
Ахзив, Хелба, Афик æмæ Реховы цæрджытыл
нæ фæуæлахиз сты. 32Асиры фæдонтæ уыцы
бæстæйы ханаанæгты 'хсæн æрцардысты,
уымæн æмæ сæ нæ басастой.
33Неффалимы байзæддæгтæ дæр Бет-Ше-
меш æмæ Бет-Анаты сахартæ нæ бацахс-
той æмæ, уыцы ран цы ханаанæгтæ цардис,
уыдоны 'хсæн æрцардысты. Фæлæ сын Бет-
Шемеш æмæ Бет-Анаты цæрджытæ хъалон
фыстой.
34Даны фæдонты аморæгтæ хæхты 'рдæм
ассæстой æмæ сæ дæлвæзмæ æрцæуын нæ
уагътой, Данæн та йæ зæххы хай дæлвæзы
уыди. 35Аморæгтæ Хар-Херес, Айалон æмæ
Шаалвимы цæргæйæ баззадысты, фæлæ
Йосефы байзæддæгтæ, куы стыхджын сты,
уæд аморæгтæй хъалон исын райдыдтой.
36Аморæгты зæххытæ аххæссыдысты Ак-
рабимы къуыбыр æмæ Селайæ дарддæр.

**2** Дунедарæджы зæд Гилгалы сахарæй Бо-
химмæ æрцыд æмæ израилæгтæн фехъусын
кодта:
— Израилæгтæ! Æз уæ ракодтон Мысыры
зæххæй. Уæ фыдæлтæн, сомы ракæнгæйæ,
зæрдæ цы зæххæй бавæрдтон, уырдæм уæ
æркодтон æмæ загътон: «Æз, не 'хсæн цы
фидыд ис, уый никуы фехалдзынæн, 2фæлæ
сымах дæр ацы бæстæйы цæрджытимæ ма
бафидаут, ныппырх сын кæнут сæ нывонд-
хæссæнтæ». Фæлæ Мæм нæ байхъуыстат.
Уый цы бакодтат? 3Ныр Æз, уæ алыварс цы
адæмтæ цæры, уыдоны уæ разæй нал фæ-
сурдзынæн. Уыдон суыдзысты уæ къæппæ-
джытæ, сæ хуыцæуттæ та — уæ ахсæн хызтæ.
4Дунедарæджы зæд израилæгтæн уыдæт-
тæ куы загъта, уæд адæм иууылдæр хъæрæй
ныккуыдтой. 5Уыцы бынат Бохим, зæгъгæ,
уымæн схуыдтой. Уыцы ран израилæгтæ
Дунедарæгæн нывонд æрхастой.
6Йешуа адæмы ауагъта, æмæ израилæгтæ
сæ зæххы хæйттæм раздæхтысты. Уыцы
зæхх сæхи бацис.
7Йешуайы заман дæр æмæ, йæ фæстæ чи
рацард, Дунедарæг Израилы сæраппонд
цы стыр хъуыддæгтæ сарæзта, уыдон йæхи
цæстæй чи федта, уыцы хистæрты заман
дæр израилæгтæ æнувыдæй лæггад кодтой
Дунедарæгæн.
8Дунедарæджы лæггадгæнæг Ну-
ны фырт Йешуа куы амард, уæд ыл цыди
дæс æмæ фондзыссæдз азы. 9Баныгæдтой йæ
йæхи зæххы хайы, Тимнат-Хересы сахары,
Ефремы хæхты, Гаашы хохы цæгатварс. 10Уæ-
ды заманты фæлтæр иууылдæр се 'цæг дуне-
мæ ацыдысты, æмæ сæ фæстæ ног фæлтæр
фæзынди. Уыдон нæ зыдтой Дунедарæджы,
стæй, Израилы адæмæн цытæ сарæзта, уый.
11Израилæгтæ, Дунедарæгæн æнæуынон цы
хъуыддæгтæ уыдысты, уыдоныл фæцалх

**2:5** Дзуттагау «бохим» – «кæуджытæ».

сты, Баалтæн лæггад кодтой. 12Дунедарæ-
джы, сæ фыдæлты Хуыцауы, ныууагътой,
афтæмæй сæ Мысыры зæххæй Уый ракод-
та. Сæ алыварс цæрæг адæмты хуыцæут-
тæн лæггад кæнын æмæ кувын райдыдтой,
æмæ уымæй мæсты кодтой Дунедарæджы.
13Сæ Хуыцауы ныууагътой, Баалтæн æмæ
Астартæтæн лæггад кодтой. 14Дунедарæг
сыл абырджыты сагъуыйын кодта, æмæ сæ
стыгътой. Сæ алыварс цæрæг знæгты къух-
тæм сæ радта, æмæ израилæгтæн сæ ныхмæ
хæцын сæ бон нал уыди. 15Хæстмæ-иу куы
рацыдысты, уæд-иу Дунедарæг алкæддæр
уыди сæ ныхмæ, рагацау сын куыд дзырдта
æмæ куыд расомы кодта, афтæ. Израилæгтæ
цъысымы бахаудысты.

16Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу Дунедарæг из-
раилæгтæн радта фæтæджы, цæмæй сæ уый
абырджытæй фервæзын кæна. 17Фæлæ из-
раилæгтæ сæ фæтæгтæм дæр нал хъуыстой,
æндæр хуыцæуттæн кад кодтой. Сæ фыдæл-
тæ цы фæндагыл цыдысты, уымæй иуварс
тагъд фæзылдысты. Уыдон Дунедарæджы
фæдзæхстытæ æххæст кодтой, адон та нæ.

18Дунедарæг-иу израилæгтæн ног фæ-
тæджы куы радта, уæд-иу йæ фарсмæ уы-
ди Йæхæдæг. Уымæн æмæ сын Дунедарæг
тæригъæд кодта, се знæгты æфсондзы бын
куыд хъæрзынц, уымæ кæсгæйæ. 19Фæлæ-иу
куыддæр фæтæг амарди, афтæ та-иу из-
раилæгтæ ногæй сæ раздæры митæм раз-
дæхтысты, сæ фыдæлтæй-иу фæфыддæр
сты, æндæр хуыцæуттæн лæггад æмæ табу
кодтой, сæ фыдгæндтæ нæ уагътой æмæ
хивастæй цыдысты сæ раздæры фæндагыл.

20Дунедарæг Израилмæ тынг смæсты ис
æмæ загъта: «Кæд ацы адæм, сæ фыдæлти-
мæ сын цы фидыд сарæзтон, уый халынц
æмæ Мæм нæ хъусынц, 21уæд Æз дæр, Нуны
фырт Йешуайы мæлæты фæстæ ма ацы ран
цы адæмтæ баззад, уыдонæй иуы дæр нал
фæсурдзынæн».

22Уыцы адæмтæ хъуыдысты Израилы ба-
фæлварынæн — сæ фыдæлтау Дунедарæджы
фæндагыл цæудзысты æви нæ, уый базоны-
нæн. 23Æмæ Дунедарæг уыцы адæмты уым
ныууагъта, уайтагъд сæ нæ фæсырдта æмæ
сæ Нуны фырт Йешуайы къухмæ нæ радта.

**3** 1-2Ханааны ныхмæ чи нæ хæцыд, уы-
цы израилæгты бафæлварынæн Дунедарæг
ныууагъта мæнæ ацы адæмты (уадзгæ та
сæ уымæн ныккодта, цæмæй, хæсты чи нæ
архайдта, Израилы уыцы фæлтæртæ хæстон
дæсныйадыл сахуыр уой). 3Уыдон уыдысты
филистимæгты фондз æлдарады, стæй Лива-
ны хæхты, Баал-Хермонæй Лево-Хаматы онг
чи царди, уыцы ханаанæгтæ, сидойнæгтæ
æмæ хиввæгтæ се 'ппæт дæр. 4Уыцы адæмтæ
хъуыдысты израилæгты бафæлварынæн: Ду-
недарæг Моисейы уылты кæй бафæдзæхста,
уыцы æгъдæуттæ æххæст кæндзысты æви
нæ, уый базонынæн.

5Израилы адæм цардысты ханаанæгтæ,
хеттæгтæ, аморæгтæ, периззæгтæ, хиввæг-
тæ æмæ йевусæгты 'хсæн. 6Сæ чызджыты
сын куырдтой æмæ сын сæхи чызджыты
моймæ лæвæрдтой, сæ хуыцæуттæн сын
лæггад кодтой. 7Израилæгтæй сæ Хуыцау
ферох ис, тæригъæды бацыдысты, Баалтæ
æмæ Ашерæтæн лæггад кодтой. 8Дунедарæг
сæм смæсты ис æмæ сæ Арам-Нахараимы
паддзах Кушан-Ришатаимы дæлбар бакод-
та. 9Израилæгтæ Дунедарæгмæ скуывтой,
æмæ сын Уый радта ирвæзынгæнæджы, Гоф-
ниелы, Калевы кæстæр æфсымæр Кеназы
байзæддаджы. 10Хуыцауы Уд Гофниелыл
æртыхсти, æмæ уый сси Израилы фæтæг.
Гофниел хæстон балцы ацыд, æмæ йын Ду-
недарæг Арамы паддзах Кушан-Ришатаимы
йæ къухмæ радта.

11Дыууиссæдз азы дæргъы бæстæ уыди
сабыр. Уый фæстæ Кеназы байзæддаг Гоф-
ниел амард.

12Израилæгтæ та ногæй Дунедарæджы
сæ митæй мæсты кæнын райдыдтой. Уæд
Дунедарæг афтæ бакодта, æмæ Моавы
паддзах Еглон израилæгтыл фæуæлахиз.
13Еглон аммонæгтæм æмæ амалекæгтæм
æххуысмæ фæсидтис æмæ Израилы ныхмæ
хæстмæ рацыди, израилæгтыл фæуæлахиз
æмæ Пальмæты сахар бацахста. 14Æстдæс
азы дæргъы израилæгтæ уыдысты Моавы
паддзах Еглоны дæлбар. 15Æстдæс азы фæс-
тæ Дунедарæгмæ скуывтой, æмæ та сын се
'хсæнæй ног фæтæджы сæвзæрста. Уый уыди
Герайы фырт Ехуд, Бениамины хæдзарвæн-
дагæй. Ехуд уыди галиуæг. Израилæгтæ йæ
Моавы паддзах Еглонмæ хъалонимæ куы
арвыстой, 16уæд Ехуд йæхицæн æлмæри-
нæй чысыл цыбырдæр кард саразын кодта.
Йæ рахизфарс æй бамбæхста 17æмæ Моавы
паддзах Еглоны раз хъалонимæ 'рлæууыдис.

Еглон уыди тынг хæрзхуыз лæг. 18Ехуд ын
хъалон йæ размæ бахаста. Уый фæстæ, йемæ
цы адæм æрбацыд, уыдоны ауагъта йæ разæй,
19йæхæдæг Гилгалы гуымирыты цурæй фæс-
тæмæ фæзылди, раздæхт Еглонмæ æмæ йын
загъта: «Паддзах, хъуамæ дын иу сусæг хабар
фехъусын кæнон». — «Ссс!» — загъта Еглон.

Йæ лæггадгæнджытæ иууылдæр ацыдысты. [20]Ехуд æм бацыди; паддзах бадтис йæ уаты, дыккаг уæладзыджы. Ехуд ын загъта: «Уац дын æрбахастон Хуыцауæй». Еглон сыстади. [21-22]Уæд Ехуд, йæ рахизфарс цы кард бамбæхста, уый йæ галиу къухæй фелвæста æмæ йæ æд фистон Еглоны гуыбыны ныссагъта. Кард æнæхъæнæй нарды бацыд. Ехуд æй фæстæмæ нал раласта æмæ ахизæны уылты рацыди — [23]фæрссаг бахизæныл раирвæзт, уаты дуар та сæхгæдта дæгъæлæй. [24]Куыддæр Ехуд алыгъд, афтæ Еглоны фæсдзæуинтæ ’рбаздæхтысты. Уаты дуар æхгæдæй куы федтой, уæд афтæ банхъæлдтой, æмæ паддзах агъуысты йæхи хъуыдыйы ис. [25]Бирæ фенхъæлмæ кастысты, фæлæ дуар ничи гом кодта. Уæд дæгъæл æрбахастой, бакодтой дуар æмæ сæ хицауы мардæй федтой. [26]Цалынмæ уыдон фæстиат кодтой, уæдмæ Ехуд Гилгалы гуымирытæй фæфале ис æмæ Сеирайы сахармæ алыгъди. [27]Ефремы хæхтæм ссыди æмæ сыкъайæ ныууасыд. Израилæгты æрæмбырд кодта æмæ, æфсады разæй йæхæдæг, афтæмæй хæхтæй æрцыд. [28]Ехуд йæ адæмæн загъта: «Цомут мæ фæдыл! Дунедарæг уын уе знæгты, моавæгты, уæ къухмæ радта». Израилæгтæ Ехуды фæдыл хæхтæй рацыдысты. Иорданы цæугæдоны донуайæнтæ бацахстой æмæ се знæгтæй, моавæгтæй, фаллаг фарсмæ бахизын никæй уагътой. [29]Моавæгтæй амардтой дæс минмæ ’ввахс тыхджын æмæ æхсарджын хæстоны, иу дæр сын дзы нæ аирвæзт. [30]Уыцы бон израилæгтæ моавæгтыл фæуæлахиз сты. Цыппарыссæдз азы бæстæ уыди сабыр. [31]Ехуды фæстæ Израилы фæтæг сси Шамгар, Анаты фырт. Хуымæтæг галтæрæн уисæй Шамгар амардта æхсæзсæдæ филистимаджы. Уый дæр уыдис Израилы ирвæзынгæнæг.

**4** Ехуд куы амарди, уæд та израилæгтæ фæстæмæ Дунедарæджы сæ митæй мæсты кæнын райдыдтой, [2]æмæ сæ Дунедарæг ханаанаг паддзах Йавины къухмæ радта, уый хицауиуæг кодта Хацоры сахары. Йавинæн йе ’фсады хицау хуынди Сисера, царди Харошет-Гоимы. [3]Сисерамæ уыдис фарастсæдæ æфсæн тохуæрдоны. Ссæдз азы дæргъы израилæгты хъизæмарæй фæмардта, æмæ та Дунедарæгмæ скуывтой. [4]Уыцы заман израилæгты фæтæг уыди Деворæ, сылгоймаг-пехуымпар, Лаппидоты бинойнаг. [5]Уый бадти Деворæйы пальмæйы бын, Рама æмæ Вефилы ’хсæн, Ефремы хæхты. Израилæгтæ йæм уырдæм цыдысты, æмæ сын уый сæ хъуыддæгтæ æвзæрста.

[6]Иу хатт Деворæ фæсидтис Авиноамы фырт Баракмæ. Уый царди Кедешы сахары, Неффалимы зæххыл. Куы ’рбацыди, уæд ын Деворæ загъта: «Дунедарæг, Израилы Хуыцау, зæгъы дæуæн: „Фаворы хохмæ демæ Неффалим æмæ Зевулоны хæдзарвæндæгтæй дæс мин хæстоны акæн æмæ уым æрлæуу. [7]Æз афтæ бакæндзынæн, æмæ Сисера, Йавины æфсады хицау, æд æфсæдтæ æмæ æд тохуæрдæттæ Кишоны дæлвæзмæ дæ размæ рацæудзæн, æмæ дын æй Æз дæ къухмæ ратдзынæн“».

[8]Барак Деворæйæн дзуапп радта: «Кæд мемæ ацæудзынæ, уæд разы дæн. Ды куынæ ацæуай, уæд æз дæр нæ цæуын». [9]Уый йын загъта: «Æз демæ ацæудзынæн, фæлæ ацы балц дæу не скадджын кæндзæн. Дунедарæг Сисерайы сылгоймаджы къухмæ ратдзæн». Æмæ Деворæ Баракимæ Кедешмæ ацыди. [10]Барак Неффалим æмæ Зевулоны хæдзарвæндæгтæм Кедешы сахармæ фæсидти. Йæ фæдыл рацыди дæс мин хæстоны, Деворæ дæр уыдис йемæ.

[11]Уыцы заман Каины фæдон Хевер кенæгтæй, Моисейы каис Ховавы фæдонтæй йæхи фæхицæн кодта. Кедешмæ хæстæг, Цаананнимы тулдзы цур, йе ’фсадимæ рæсæнуат скодта.

[12]Сисерамæ фæхабар чындæуыд, Авиноамы фырт Барак Фаворы хохыл ис, зæгъгæ. [13]Сисера йæ фарастсæдæ æфсæн уæрдоны, стæй йын Харошет-Гоимы цыдæриддæр хæстонтæ уыди, уыдоны иууылдæр Кишоны дæлвæзмæ æрбакодта. [14]Деворæ Баракæн загъта: «Цæугæ! Абон дын Дунедарæг Сисерайы дæ къухмæ ратдзæни. Дунедарæг Йæхæдæг цæудзæн дæ разæй!» Барак дæс мин хæстонимæ Фаворы хохы сæрæй æрцыди. [15]Уыцы рæстæг Дунедарæг Сисерайы катайы бацæуын кодта. Йæ хæстонтыл дæр æмæ, тохуæрдæтты чи бадти, уыдоныл дæр, Барак куы фæзынди, уæд карды цæфæй амæлыны тæссæй ризæг бахæцыди. Сисера та тохуæрдонæй рагæпп ласта æмæ лидзæг фæцис. [16]Барак ын йæ тохуæрдæттæ æмæ йæ хæстонты суанг Харошет-Гоимы онг фæсырдта. Сисерайы хæстонтæ иууылдæр цагъды фесты, иу дæр дзы нæ аирвæзти. [17]Сисера æрбалыгъдис Йаелы, кенæгты байзæддаг Хеверы усы, цатырмæ. Хеверы мыггаг Хацоры паддзах Йавинимæ цæдисонтæ уыдысты. [18]Йаел Сисерайы размæ рацыд æмæ загъта: «Рахиз мидæмæ, ме ’лдар, ма

тæрс». Сисера цатырмæ бацыд, æмæ йæ Йаел
хъæццулæй æрæмбæрзта. 19Сисера бахатыди
Йаелмæ: «Дойны мын у, иу чысыл-ма мын
дон авæр». Йаел æхсыры лалым байгом кодта,
Сисерайæн æхсыр радта æмæ та йæ ногæй
æрæмбæрзта. 20Сисера йын загъта: «Цатыр-
мæ бахизæны раз слæуу. Исчи куы ’рбацæуа
æмæ дæ куы фæрса, цатыры исчи ис, зæгъгæ,
уæд-иу мæ ма схъæр кæн». 21Хеверы ус Йаел
райста дзæбуг æмæ цатыр фидаргæнæн мих,
сабыргай Сисерамæ бахъуызыд, мих ын йæ
къæмисæны ныссагъта æмæ йæ зæхмæ ных-
хоста. Сисера фыр фæлладæй фынæй уыд
æмæ уыцы ран амарди. 22Барак Сисерайы
агурæг куы фæзынди, уæд Йаел йæ размæ
рацыд æмæ загъта: «Рахиз мидæмæ, æз дын,
кæй агурыс, уый фенын кæндзынæн». Барак
цатырмæ бахызтис æмæ федта: Сисера мар-
дæй хуыссы, йæ къæмисæны — мих сагъд.
23Уыцы бон Дунедарæг израилæгтæн
уæлахиз балæвар кодта, æмæ ханаанæгты
паддзах Йавины басастой. 24Израилæгтæ
хæцыдысты дарддæр, цалынмæ ханаанаг
паддзах Йавин æмæ йæ адæмы бынтондæр
ныццагътой, уæдмæ.

**5** Уыцы бон Деворæ Авиноамы фырт Ба-
ракимæ зарыдысты ахæм уæлахизы зарæг:

2 — Израилы йæ фæтæгтæ хæстмæ куы
кæной,
адæм цингæнгæ тохмæ куы цæуой, —
Дунедарæгæн арфæ ракæнут!
3 Байхъусут, паддзæхтæ!
Байхъусут, хицæуттæ!
Æз Дунедарæгæн зардзынæн!
Дунедарæджы, Израилы Хуыцауы,
стаудзынæн!
4 Дунедарæг! Сеирæй куы цыдтæ,
Ды куы цыдтæ Едомы бæстæйæ, —
зæхх æнкъуысти, къæвда уарыди,
æмæ мигътæй лæдæрсти дон.
5 Синайы Дунедарæджы, Израилы Хуы-
цауы раз,
рызтызты хæхтæ.

6 Йаел æмæ Анаты фырт Шамгары
заман
фæндæгтæ куы сафтид сты!
Бæлццæтæ, æмраст фæндагыл
цæуджытæ,
æнæцыд фæндæгтыл куы цыдысты!
7 Нал уыдис Израилы фæтæгтæ,
цалынмæ фæзындтæ ды, Деворæ, Из-
раилы мад!
8 Сæхицæн ног хуыцæутты равзæрстой,
æмæ сæ кулдуары раз хæст куы
бацайдагъ!
Дыууиссæдз мин израилаг хæстонæй
йæ арц кæнæ йæ уарты сæр кæй
бахъуыд?
9 Мæ зæрдæ барухс ис Израилы æфсады
хицæуттæй,
барвæндонæй хæстмæ цæуæг
адæмæй.
Дунедарæгæн арфæ ракæнут!
10 Зынаргъ гауызтыл урс хæрджытыл
бадджытæ,
бæлццæттæ, уæлахизы зарæг
ракæнут!
11 Цъайты цурæй хъуысынц фыййæуты
хъæлæстæ,
зарæджы стауынц Дунедарæджы
уæлахизтæ —
Израилы фæтæгты уæлахизтæ куы
стауынц!

Дунедарæджы адæм кулдуары раз
æрлæууыдысты!
12 Сыст, ныззар, о Деворæ!
Сыст, Авиноамы фырт Барак, дæ уа-
цайрæгты акæн!
13 Чи аирвæзт, уыцы сахъгуырдтæ
гуыппырсартæм фæзындысты
æхходуысмæ,
æрлæууыдысты Дунедарæджы
фарсмæ —
æфсады ныхмæ схæцынмæ!
14 Ацы зæхх кæддæр уыд амалекæгты,
ныр æм хæстонтæ фæзындысты
Ефремæй, —
уæ фæдыл рацыдысты,
Бениамины фæдонтæ!
Фæзындысты Махиры хицæуттæ,
фæзындысты Зевулоны фæтæгтæ.
15 Иссахары фæтæгтæ
дæр — Деворæимæ!
Иссахар Бараკы фæдыл дæлвæзмæ
куы ныййарц!

Рувимы фæдонтæ та хъаугъа куы
кæнынц!
16 Фосдæтты астæу кæдмæ баддзыстут,
фыййауы уадындзмæ кæдмæ
хъусдзыстут?
Уæ, хъаугъа куы кæнынц
Рувимы фæдонтæ!
17 Галаад Иорданы фале куы цæры,
Дан та цæмæн æрцарди йæ науты?
Асир дæр денджызы был куы ’рбынат
кодта,

донбакæлæнтæм хæстæг куы 'рцарди!
18 Мæлæты размæ бырстой
Зевулоны фæдонтæ,
семæ Неффалим дæр —
быдыры къуыбыртыл!
19 Хæстмæ рацыдысты паддзæхтæ!
Ханааны паддзæхтæ хæстмæ рацы-
дысты Таанахы цурмæ,
Мегиддомæ хæстæг доны былмæ,
фæлæ æвзист нæ бафтыди сæ къухы!
20 Уæларвæй тохы бацыдысты стъалытæ,
сæ бынæттæй Сисераимæ стох кодтой.
21 Уæ, Кишоны дон знæгты куы фæласы,
уæ рагон дон, цæугæдон Кишон!
О мæ уд, знæгты хъару басæтт!
22 Уæ, сæ бæхтæ куы фезгъорынц
знæгтæн!

23 Дунедарæджы зæд бардзырд куы
ратты:
«Мерозы сахар ралгъитут,
ралгъитут ын йæ цæрджыты, —
йæ хæстонтæ Дунедарæджы фарс не
'рлæууыдысты,
сæ сахъгуырдтимæ Дунедарæгмæ нæ
фæзындысты!»
24 Арфæгонд уæд Йаел, кенаг Хеверы
бинойнаг,
цатырты цæрæг сылгоймæгты 'хсæн
арфæгонд у.
25 Уазæг ракуырдта дон, уый йын радта
æхсыр,
бæгъатыры аккаг кæхцы йын æхсыры
сæртæ бахаста.
26 Йæ галиу къухмæ райста мих,
йæ рахизмæ та — кусæджы дзæбуг,
Сисерайы ныццавта, ныппырх кодта
Сисерайæн йæ сæр,
йæ къæмисæн ын батыдта!
27 Æрхауд йæ къæхты бын, хуыссы,
йæ бынаты æрхауди мардæй!
28 Сисерайы мад рудзынгæй кæсы,
йæ хъæлæс райхъуысы, кæуы:
«Йæ тохуæрдæттæ куыд æрæгмæ
здæхынц,
цæмæн кæнынц фæстиат йæ бæхтæ?»
29 Дзуапп ын куы раттынц йæ лæг-
гадгæнджытæ, зондджын
сылгоймæгтæ,
стæй йæхæдæг дæр афтæ куы
фæзæгъы:
30 «Æфтиаг райстой, æмæ йæ се 'хсæн
уарынц.
Алы хæстонæн дæр — чызг,
науæд — дыууæ.
Сисерайы 'фтиаг — хъулон хæрдгæ-
хуыд хъуымæцтæ,
дыууæ нывæфтыд фæлысты».
31 Дунедарæг, Де знæгтæ афтæ
фесæфæнт!
Дунедарæджы Чи уарзы, уыдон та —
тæмæнкалгæ хуры æнгæс!

Дыууиссæдз азы бæстæ уыди сабыр.

**6** Израилæгтæ та раздæрау Дунедарæджы
сæ митæй мæсты кæнын райдыдтой, æмæ
сæ Дунедарæг авд азы дæргъы мидианæгты
дæлбар бакодта. 2 Израилæгтæ мидианæгты
'фсондзы бын хъизæмарæй мардысты, къæ-
дзæхты цъассыты, лæгæтты æмæ æвадат
хæхты бæрзæндты бамбæхстысты. 3 Куыд-
дæр-иу сæ хуымтæ байтыдтой, афтæ та-иу
сæм мидианæгтæ, амалекæгтæ æмæ скæ-
сæны адæмтæ æрбабырстой, 4 израилæгты
зæххыл-иу рæсæнуæттæ скодтой æмæ-иу
æнæхъæн бæстæйы, суанг Газæйы онг, хуым-
ты бæркад фесæфтой. Израилæгтæн-иу нал
хæринаг ныууагътой, нал фыстæ, нал галтæ
æмæ хæрджытæ. 5 Знæгтæ-иу æрбацыдыс-
ты æд бинонтæ æмæ æд фосы рæгъæуттæ,
мæтыхтæй-иу фылдæр уыдысты. Сæхицæн
дæр æмæ сæ теуатæн дæр нымæц нæ уыди,
æрбацыдысты æмæ-иу æнæхъæн бæстæ саф-
тид кодтой. 6 Мидианæгты æрбабырстытæй
израилæгтæ сæ мæгуыры хъистæ хæрынмæ
æрцыдысты æмæ Дунедарæгмæ скуывтой.
7 Мидианæгтæй фервæзыны тыххæй изра-
илæгтæ Дунедарæгæй æхххуыс агурын куы
райдыдтой, 8 уæд сæм Уый пехуымпары
рарвыста. Пехуымпар израилæгтæн фехъу-
сын кодта:
— Дунедарæг, Израилы Хуыцау, афтæ зæ-
гъы: Æз уæ ракодтон Мысырæй, 9 фервæ-
зын уæ кодтон мысырæгтæй æмæ уе 'ппæт
знæгтæй, уе знæгты уын атардтон æмæ
уын сæ зæххытæ радтон. 10 Æз уын загъ-
тон: «Уæ Хуыцау Æз дæн, Дунедарæг, ма
лæггад кæнут, кæй зæххыл цæрут, уыцы
аморæгты хуыцæуттæн». Фæлæ Мæм сымах
нæ байхъуыстат.
11 Дунедарæджы зæд Офрайы сахармæ
æрцыд æмæ, Иоасы зæххыл цы тулдз уы-
дис, уый бын æрбадти. Иоас уыди Авиезеры
хæдзарвæндагæй. Уыцы рæстæг йæ фырт
Гедеон мæнæу ссадта сæндуцæны, цæмæй
йæ мидианæгтæ ма бафиппайой. 12 Дуне-
дарæджы зæд æм æргом рацыд æмæ йын
загъта: «Уæ сахъ гуырд, Дунедарæг демæ
ис!» 13 Гедеон ын дзуапп радта: «Ме 'лдар,

кæд Дунедарæг æцæгæйдæр немæ ис, уæд
ныл ацы бæллæхтæ цæмæн æрцыдысты?
Нæ фыдæлтæ-иу Дунедарæджы диссæгты
кой арæх ракодтой. Кæм сты ныр Йæ уыцы
диссæгтæ? Афтæ-иу нын куы дзырдтой, Ду-
недарæг нæ Мысырæй ракодта, зæгъгæ. Ныр
нæ Дунедарæг мидианæгты къухмæ куы
радта!» 14Дунедарæг æм бакаст æмæ йын
загъта: «Уæ сахъ гуырд, цæугæ æмæ Израи-
лы мидианæгты æфсондзæй фервæзын кæн.
Æз дæ æрвитын». 15Гедеон Ын дзуапп радта:
«Ме 'лдар, æмæ æз Израилы куыд фервæзын
кæндзынæн? Мæ мыггагæй мæгуырдæр Ме-
нассиайы хæдзарвæндаджы куы нæй, стæй
мæ бинонты 'хсæн дæр се 'ппæты кæстæр
æз куы дæн». 16Дунедарæг ын загъта: «Æз
уыдзынæн демæ, æмæ мидианæгты фæстаг
лæджы онг ныццæгъддзынæ». 17Гедеон Ын
загъта: «Кæд мæ Дæ хорзæхы аккаг кæныс,
уæд мын исты нысан фенын кæн, мемæ
Дæхæдæг кæй дзурыс, уый æвдисæнæн.
18Цалынмæ раздæхон æмæ Дын мæ хуын
æрбадавон, уæдмæ мæм ам банхъæлмæ
кæс». Уый йын дзуапп радта: «Хорз, ацы
ран дæм æнхъæлмæ кæсдзынæн». 19Гедеон
ауади, сæныкк акусарт кодта æмæ ссады
ефæйæ гуылтæ афыхта донгонд хыссæйæ.
Дзидза нывæрдта чыргъæды, бас та хъуы-
рауы ныккодта, тулдзы бынмæ сæ ахаста
æмæ сæ уазæджы раз æрæвæрдта. 20Зæд ын
загъта: «Райс дзидза æмæ гуылтæ, сæвæр сæ
ацы дурыл æмæ сыл бас ныккæн». Гедеон
Йæ коммæ бакасти. 21Уæд Дунедарæджы
зæд йæ лæдзæджы кæронæй дзидза æмæ
гуылтыл андзæвыд, дурæй арты 'взæгтæ
рацыдис æмæ сæ басыгътой. Уыцы рæстæг
Дунедарæджы зæд фæцыдæр. 22Уæд Гедеон
бамбæрста, æцæгæйдæр Дунедарæджы зæд
кæй уыдис, уый, æмæ ныхъхъæрзыдта: «О
Дунедарæг! Додойаг фæдæн! Æз лæгæй-лæг-
мæ федтон Хуыцауы зæды!» 23Дунедарæг
ын загъта: «Æрсабыр у! Ма тæрс, нæ амæл-
дзынæ». 24Уыцы ран Гедеон Дунедарæгæн
нывондхæссæн сарæзта æмæ йыл сæвæрдта
ном Яхве-Шалом. Уыцы нывондхæссæн або-
ны онг дæр ис Офрайы, Авиезеры зæххыл.
25Æхсæвы Дунедарæг Гедеонæн загъта:
«Дæ фыды рæгъауæй хæрзхаст авдазыккон
гал ракæн æмæ, дæ фыдмæ чи ис, уыцы Баа-
лы нывондхæссæн ныппырх кæн. Йæ фарс-
мæ Ашерæйы цæджындз дæр акал. 26Уыдоны
бæсты уыцы къуыбырыл Дунедарæгæн, дæ
Хуыцауæн, нывондхæссæн сараз æмæ йыл,
цы хъæуы, уыдæттæ сæвæр. Хæрзхаст гал-иу
равзар æмæ йæ иууылсудзинаг нывондæн
æрхæсс, кæй акалай, уыцы Ашерæйы цæ-
джындз та-иу дын сугæн ацæуæд».
27Гедеон йе 'ххуырстытæй дæс лæджы
равзæрста æмæ йын Дунедарæг куыд загъта,
афтæ бакодта. Æрмæст боныгон нæ, фæлæ
æхсæвы, уымæн æмæ тарстис йæ хæстæджы-
тæй æмæ иннæ адæмæй. 28Райсомæй хъæуы
цæрджытæ куы сыстадысты, уæд федтой:
Баалы нывондхæссæн пырх, Ашерæйы цæ-
джындз — калд, ногарæзт нывондхæссæныл
та нывондæн æрхастæуыд хæрзхаст гал.
29Адæм кæрæдзийы фарстой, уæдæ уый
чи уыдаид, зæгъгæ. Фæцагуырдтой æмæ
базыдтой, Иоасы фырт Гедеон кæй уыдис,
уый. 30Хъæуы цæрджытæ Иоасæн загътой:
«Дæ фырт ныппырх кодта Баалы нывондхæс-
сæн, акалдта Ашерæйы цæджындз! Ракæн
нæм æй! Хъуамæ мард æрцæуа!» 31Уæд Иоас,
йæ алыварс цы адæм æрæмбырд, уыдоныл
ныхъхъæр кодта: «Æмæ Баалы сæрыл сымах
хъуамæ хæцат? Йæ фарс чи хæца, уый ацы
тæккæ райсом амарын кæндзынæн! Кæд
Баал хуыцау у, уæд йæхæдæг тох кæнæд
йемæ, уымæн æмæ йын йæ нывондхæссæн
ныппырх кодта!»
32Уыцы бон Гедеонæн радтой ном Иеруб-
баал. Уый амоны «Баал йемæ тох кæнæд»,
зæгъгæ, уымæн æмæ Гедеон Баалы нывонд-
хæссæн ныппырх кодта.
33Мидианæгтæ, амалекæгтæ æмæ скæ-
сæны адæмтæ иумæ æрæмбырд сты, цæу-
гæдоны сæрты бахызтысты æмæ Изреелы
дæлвæзы рæсæнуат скодтой. 34Уæд Геде-
оныл Дунедарæджы Уд æртыхсти. Гедеон
сыкъауадындзæй ныуусасыд æмæ Авиезеры
фæдонты хæстмæ рамбырд кодта. 35Менас-
сиайы мыггагмæ дæр фæдисæттæ арвыста,
æмæ уыдон дæр хæстмæ рацыдысты. Ноджы
ма фæдисæттæ арвыста Асир, Зевулон æмæ
Неффалимы байзæддæгтæм, æмæ йæ размæ
рацыдысты. 36Гедеон Хуыцауæн загъта: «Из-
раилы адæмы æцæгдæр, зæрдæ мын куыд
бавæрдтай, афтæ мæ къухæй фервæзын кæ-
нынмæ хъавыс? 37Уæдæ кæс, мæнæ æз ацы
ран, мусы, æвæрын ногæлвыд фысы хъуын.
Хъуыныл æртæх куы фæзына, йæ алыварс
цы зæхх ис, уый та хусæй куы баззайа, уæд
мæ бауырндзæни, Ды Израилы мæ къухæй
кæй фервæзын кæндзынæ, уый, зæрдæ мын
куыд бавæрдтай, афтæ». 38Куыд загъта, аф-
тæ рауади. Дыккаг бон Гедеон райсомæй
сыстад, хъуын лæмарын байдыдта, æмæ
кæхц донæй айдзаг ис. 39Гедеон та загъта

**6:24** Яхве-Шалом – «Сабырдзинады Дунедарæг».

Хуыцауæн: «Ма мæм смæсты у, ацы хъуы-
ныл ма мын ноджы иу нысан равдис. Ныр
та хъуын хусæй баззайæд, йæ алыварс та
æртæх фæзынæд». 40Уыцы ’хсæв ын Хуыцау
йæ курдиат сæххæст кодта. Хъуын баззади
хусæй, йæ алыварс кæрдæг та ииуылдæр
уыдис хуылыдз.

**7** Райсомæй раджы Иеруббаал, ома Гедеон,
йе ’фсадимæ Хароды суадоны был рæсæнуат
скодта. Мидианæгты рæсæнуат та уыдис
цæгатæрдыгæй, дæлвæзы, Морейы хохы
цур. 2Дунедарæг Гедеонæн загъта: «Демæ
æгæр бирæ адæм ис, мидианæгты уыны ба-
сæттын нæ бауадздзынæн, уымæн æмæ уæд
израилæгтæ фестырзæрдæ уыдзысты, нæ-
хи хъарутæй не знæгтыл фæуæлахиз стæм,
зæгъгæ. 3Хæстонтæн фехъусын кæн: тæрсгæ
чи кæны æмæ ныфс кæмæ нæй, уыдон Гала-
ады хæхтæй ацæуæнт». Дыууæ æмæ ссæдз
мин лæджы фæстæмæ сæ хæдзæрттæм аз-
дæхтысты, дæс мины та уым баззадысты.
4Дунедарæг загъта Гедеонæн: «Нырма дæм
уæддæр бирæ адæм ис. Суадоны былмæ сæ
акæн æмæ дын уым Мæхæдæг равзардзы-
нæн хæстонтæ. Кæмæй дын зæгъон, уыдон
демæ ацæудзысты, иннæтæ баззайдзысты».
5Гедеон йæ хæстонты суадоны былмæ
акодта, æмæ Дунедарæг загъта: «Дон нуазын-
мæ зæххыл чи адæлгом уа æмæ дон куыдзау
йе ’взагæй чи сдæра, уыдоны-иу слæууын
кæн иуæрдыгæй, йæ уæрджытыл лæугæйæ,
дон къухæй чи нуаза, уыдоны та — иннæрды-
гæй». 6Æртæсæдæ лæджы дон сдæрдтой се
’взагæй, иннæтæ ииуылдæр сæ уæрджытыл
æрлæууыдысты æмæ дон къухæй нуæзтой.
7Дунедарæг Гедеонæн загъта: «Дон йе ’вза-
гæй чи сдæрдта, уыцы æртæсæдæ лæджы
хъаруйæ уын мидианæгты басæттын кæн-
дзынæн. Иннæтæ сæ хæдзæрттæм ацæуæнт».
8Израилæгтæн семæ уыди хæринаг æмæ
сыкъауадындзтæ. Мидианæгты рæсæнуат
уыди дæле, тъæпæны. 9Æхсæвы Дунедарæг
Гедеонæн загъта: «Ныццу дæлæмæ æмæ
мидианæгты рæсæнуатмæ бабырс. Æз де-
мæ дæн, фæуæлахиз сыл уыдзынæ. 10Кæд
тæрсыс, уæд уал сæм де ’ххуырст Пураимæ
ныццу 11æмæ сын байхъус сæ ныхæстæм.
Уæд фæныфсджындæр уыдзынæ æмæ рæ-
сæнуатмæ бабырсдзынæ».

Гедеон æмæ йе ’ххуырст Пура, мидиа-
нæгты хъахъхъæнджытæ кæм лæууыдысты,
уырдæм ныццыдысты. 12Мидианæгтæ, ама-
лекæгтæ æмæ скæсæны адæмтæ æрбынат
кодтой дæлвæзы. Мæтыхтау бирæ уыдысты,
сæ теуатæ — денджызы змисау, æнæнымæц.
13Гедеон рæсæнуатмæ хæстæгдæр бацыд
æмæ фехъуыста дыууæ лæджы ныхас. Уы-
донæй иу иннæмæн дзырдта: «Æз фыны
уыдтон, цыма мидианæгты рæсæнуатыл
тымбыл хъæбæрхоры кæрдзын фæцæйтылди.
Цатыры онг куы батылд, уæд ын ахæм цæф
ныккодта, æмæ цатыр афæлдæхт». 14Уæд
ын йе ’мбал афтæ зæгъы: «Уый израилаг
Гедеоны, Иоасы фырты, хъама у. Дунедарæг
ын уæлахиз радта, æмæ ацы мидианæгты
рæсæнуат бацахсдзæн».

15Гедеон, фын цы амоны, уый куы фе-
хъуыста, уæд йæ зонгуытыл æрхауд æмæ
Дунедарæгæн арфæ ракодта. Уый фæстæ
израилæгты рæсæнуатмæ раздæхт æмæ
ныхъхъæр кодта: «Сыстут! Дунедарæг уын
мидианæгты рæсæнуат уæ къухмæ радта!»

16Гедеон йе ’ртæсæдæ хæстоны æртæ къор-
дыл адих кодта, алкæмæ дæр дзы радта
сыкъауадындз æмæ афтид хъуырауы æм-
бæхст цырагъ. 17Бафæдзæхста сын: «Æз-иу
цы кæнон, сымах дæр — уый. Мидианæгты
рæсæнуатмæ куы бацæуæм, уæд-иу мæн
бафæзмут. 18Æз æмæ, мемæ цы къорд цæуы,
уыдон сæ сыкъаудындзтæй куы ныууасой,
уæд-иу сымах дæр сæ рæсæнуаты алыварс
сыкъауадындзтæй ныууасут æмæ хъæр кæ-
нут: „Дунедарæг æмæ Гедеоны сæраппонд!“»

19Æмбисæхсæв мидианæгты хъахъхъæн-
джытæ кæрæдзийы куы баивтой, уæд Гедеон
æмæ, йемæ цы сæдæ хæстоны уыди, уыдон
мидианæгты рæсæнуаты размæ бацыдыс-
ты, сыкъауадындзтæй ныууасыдысты æмæ
сæ хъуырæуттæ ныппырх кодтой. 20Уæд
иннæ къордты цы хæстонтæ уыди, уыдон
дæр сыкъауадындзтæй ныууасыдысты æмæ
сæ хъуырæуттæ ныппырх кодтой. Галиу
къухтæй хæцыдысты цырæгътыл, рахиз-
тæй та — сыкъауадындзтыл, рæсæнуаты
алыварс сыкъауадындзтæй уасыдысты æмæ
хъæр кодтой: «Дунедарæг æмæ Гедеоны
сæраппонд!» 21Хæстонтæ рæсæнуаты алы-
варс лæууыдысты, фæлæ сæ бынæттæй не
змæлыдысты. Рæсæнуаты цы адæм уыди,
уыдон схъомпал сты, хъæр-хъæлæба систой
æмæ лидзæг фесты. 22Æртæсæдæ хæстоны
сыкъауадындзтæй куы ныууасыдысты, уæд
Дунедарæг афтæ бакодта, æмæ мидианæгтæ
сæ хъаматæ кæрæдзийы ныхмæ систой. Сæ
хæстонтæ фæлыгъдысты суанг Бет-Шиттæ-
йы онг, Церерæйы ’рдæм, Таббатмæ хæстæг
сахар Авел-Мехолæмæ.

23Гедеон фæсидти Неффалим, Асир æмæ
Менассиайы хæдзарвæндæгтæм, æмæ

мидианæгты фæсте асырдтой. 24Ефремы
хæхтæм дæр Гедеон фæдисæттæ арвыс-
та: «Хæхтæй æрхизут æмæ мидианæгтæн
цæугæдонмæ фæндаг сæхгæнут! Иорданы
былгæрон суанг Бет-Барыйы онг бацахсут!»
Ефремы байзæддæгтæ æрбамбырд сты æмæ
цæугæдонмæ фæндаг сæхгæдтой, Иорда-
ны былгæрон Бет-Барыйы онг бацахстой.
25Мидианæгты дыууæ фæтæджы, Зеев æмæ
Оревы æрцахстой. Зеевы амардтой Зеевы
сахары, Оревы та — Оревы сахары.

Израилæгтæ дарддæр зылдысты мидиа-
нæгты фæдыл. Гедеонæн Иорданы фалейæ
Зеев æмæ Оревы сæртæ æрбахастой.

**8** Ефремы байзæддæгтæ Гедеонæн загътой:
«Мидианæгты ныхмæ хæцынмæ куы ацыдтæ,
уæд махмæ цæуылнæ фæдзырдтай?» Фыр
мæстæй пиллон арт уагътой. 2Гедеон сын
дзуапп радта: «Ау, æмæ мæнæн цы бантыс-
ти, уыдон уæ хъуыддæгтимæ абарæн ис?
Ефреммæ æрхаудысты сæнæфсиры фæстаг
цупæлттæ, уыдон Авиезеры æфтиагæй бирæ
хуыздæр сты. 3Хуыцау уын уæ къухмæ радта
мидианæгты дыууæ фæтæджы — Зеев æмæ
Оревы. Æз ахæмæй ницы саразтон». Ефремы
фæдонтæ уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой,
уæд æрсабыр сты.

4Гедеон æмæ йе 'ртæсæдæ хæстоны Иорда-
ны фаллаг фарсмæ бахызтысты. Се знæгты
фæдыл рагæй зылдысты æмæ тынг бафæл-
ладысты. 5Гедеон Суккоты цæрджытæн
загъта: «Мæ адæмæн мын иу чысыл хæри-
наг авæрут, бафæлладысты. Мидианæгты
паддзæхтæ Зевах æмæ Цалмуннæйы фæдыл
рагæй зилæм». 6Суккоты хицæуттæ йын
дзуапп радтой: «Æмæ Зевах æмæ Цалмун-
нæ нырыдæгæн дæ къухы сты? Де 'фсадæн
нæ хæринаг цæй тыххæй агурыс?» 7Гедеон
сын загъта: «Хорз! Дунедарæг мын Зевах
æмæ Цалмуннæйы мæ къухмæ куы радта,
уæд уын найгæнæнау æмæ сындзытау уæ
буæрттæ ныссæнддзынæн!»

8Суккоты сахарæй Гедеон ацыди Пенуел-
мæ æмæ та уым дæр йæ хæстонтæн хæринаг
куырдта. Пенуелы цæрджытæ дæр ын сук-
котæгты дзуапп радтой. 9Гедеон сын загъта:
«Фæстæмæ куы раздæхон, уæд уын уæ мæсыг
ныппырх кæндзынæн!»

10Зевах æмæ Цалмуннæ фынддæс мин
хæстонимæ æрбынат кодтой Каркоры. Скæ-
сæйнаг знæмты æфсадæй ма æрмæстдæр
уый бæрц баззади, æхсæзыссæдз мины дзы
хæсты фæмард сты. 11Гедеон, цæугæцард-
гæнджытæ цы фæндагыл цыдысты, ууылты
Новах æмæ Йагбехайæ скæсæнæрдæм ацы-
дис æмæ, знаг уый æнхъæл нæ уыд, афтæ-
мæй йын йæ рæсæнуатмæ бабырста. 12Зевах
æмæ Цалмуннæ алыгъдысты. Гедеон сæ
фæсте асырдта æмæ мидианæгты дыууæ
паддзахы æрцахста. Се 'фсад та фыр тæссæй
алырдæмты фæлыгъдысты.

13Иоасы фырт Гедеон хæстон балцæй
фæстæмæ здæхти Хересы къуыбырыл. 14Иу
суккотаг лæппуйы æрцахста æмæ йын йæ
сахары хицæутты, стæй хистæрты нæмттæ
ныффыссын кодта. Æдæппæтæй уыдысты
æвддæс æмæ æртиссæдз. 15Уый фæстæ Ге-
деон йе 'фсадимæ Суккотмæ æрбацыд æмæ
адæмæн загъта: «Мæнæ уын Зевах æмæ Цал-
муннæ! Сымах та мæ хынджылæг кодтат,
Зевах æмæ Цалмуннæйы куы нæма æрцахс-
тай, уæд нæ дæ фæллад хæстонтæн хæринаг
цæмæн агурыс, зæгъгæ». 16Гедеон сахары
хистæрты æрцахста, Суккоты цæрджыты
та сындзытæ æмæ бæлæсты къалиутæй фæ-
нæмын кодта. 17Пенуелы мæсыг ныппырх
кодта æмæ сахары цæрджыты ныццагъта.

18Гедеон Зевах æмæ Цалмуннæйы бафарс-
та: «Хъуыды-ма кæнут, Фаворы хохыл кæй
амардтой, уыцы адæмы?» Зевах æмæ Цал-
муннæ йын дзуапп радтой: «Де 'нгæс уыдыс-
ты, æддаг бакастæй — паддзахы фырттæ».
19Гедеон сын загъта: «Уыдон ме 'фсымæртæ
уыдысты, мæ ныййарæг мады зæнæг. Ард
уын хæрын Дунедарæгæй, куы сыл баца-
уæрстаиккат, уæд уын æз дæр фæтæригъæд
кæнин». 20Æмæ йæ хистæр фырт Иетерæн
загъта: «Амар сæ!» Фæлæ уый нырма æры-
гон уыди æмæ кард сисынмæ йæ ныфс нæ
бахаста. 21Уæд Зевах æмæ Цалмуннæ Гедео-
нæн загътой: «Дæхæдæг нæ амар. Алчидæр,
йæ бон цы у, уый кæны». Гедеон сæ амардта
æмæ, сæ теуатыл цы ног мæйы æнгæс фæ-
лындæнтæ ауыгъд уыди, уыдон йæхицæн
райста. 22Израилæгтæ Гедеонæн загътой:
«Паддзахæй нæм ныллæу, дæ фæстæ нын
паддзах дæ фырт суæд, уый фæстæ та — дæ
фырты фырт. Ды нæ мидианæгтæй фер-
вæзын кодтай!» 23Гедеон не сразы ис: «Æз
сымахæн паддзахæй нæ ныллæудзынæн,
стæй мæ фырт дæр сымахæн хицау никуы
уыдзæн. Дунедарæг уæд уæ паддзах». 24Ге-
деон сын нноджы загъта: «Иу курдиат мæм
ис. Алчидæр мын йе 'фтиагæй иу хъусцæг
балæвар кæнæд». Афтæ та сын уымæн загъ-
та, æмæ се знæгтæ уыдысты измаелæгтæ,

**8:24** Мидианæгтæ æмæ измаелæгтæ тексты нысан кæнынц
иу адæмы.

æмæ уыдон дардтой сыгъзæрин хъусцæ-
джытæ. 25Израилæгтæ йын дзуапп радтой:
«Ратдзыстæм дын!» Зæххыл уæлæфтау ай-
тыдтой, æмæ йыл алчидæр йе ’фтиагæй иу
сыгъзæрин хъусцæг æрæвæрдта. 26Сæ уæз
уыди мин æмæ авдсæдæ шекелы. Уыдонæй
уæлдай — ног мæйы æнгæс фæлындæнтæ,
даргъ сыгъзæрин хъусцæджытæ æмæ миди-
анæгты паддзæхты сæнт сырх дарæс, стæй,
теуаты бæрзæйтæй цы фæрдгуытæ раластой,
уыдон. 27Утæппæт сыгъзæринæй Гедеон са-
разын кодта ефод æмæ йæ сæвæрдта йæ са-
хары, Офрайы. Израилæгтæ йын табу кæнын
райдыдтой æмæ мæнг хуыцæутты фæдыл
ацыдысты. Гедеон æмæ йæ мыггагæн ефод
сси сæ ахсæн хыз.

28Израилæгтæ мидианæгтыл куы фæуæ-
лахиз сты, уæд уыдон хæрдмæ скæсын дæр
нал уæндыдысты. Гедеоны заман бæстæ
дыууиссæдз азы уыди сабыр.

29Иоасы фырт Иеруббаал (ома Гедеон) йæ
хæдзары æрцарди. 30Гедеонæн райгуырди
дæс æмæ æртиссæдз фырты, уымæн æмæ
йын бирæ устытæ уыди. 31Шехемы йын цы
номылус царди, уымæй дæр ын фырт рай-
гуырди, æмæ йыл сæвæрдта ном Авимелех.
32Иоасы фырт Гедеон амарди хæрз зæрондæй,
баныгæдтой йæ Офрайы, йæ фыд Иоасы
зæппадзы, Авиезеры зæххыл.

33Гедеоны мæлæты фæстæ израилæгтæ
ногæй тæригъæды бацыдысты, Баалтæн
табу кодтой æмæ Баал-Беритæй сæхицæн
хуыцау сарæзтой. 34Сæ Хуыцауы, Дунедарæ-
джы, сæ алыварс знæгтæй сæ Чи фервæзын
кодта, Уый та ферох кодтой. 35Стæй Иеруб-
баалы (Гедеоны) мыггагæн дæр, Израилы
сæраппонд цы хъуыддæгтæ сарæзта, уыдон
хæрзтæй нæ бафыстой.

**9** Иеруббаалы фырт Авимелех Шехемы
сахармæ йе ’фсымæртæм æрцыд æмæ йе
’фсымæртæн, стæй йе ’ппæт мыггагæн загъ-
та: 2«Шехемы цæрджытæн зæгъут: цы уæм
хуыздæр кæсы, цæмæй уын хицауиуæг Ие-
руббаалы дæс æмæ æртиссæдз фырты кæной
æви æрмæстдæр йæ иу фырт? Æмæ ма рох
кæнут, шехемæгтæ, æз уæ туг, уе стæг кæй
дæн, уый». 3Авимелехы мады ’фсымæртæ
уыцы ныхæстæ шехемæгтæн куы рафæзмыд-
той, уæд уыдон йæ фарс рахæцыдысты æмæ
загътой: «Уый не ’фсымæр у». 4Баал-Бериты
кувæндонæй йын дæс æмæ æртиссæдз ше-
келы æвзист радтой. Уыцы æхцайæ уый алы
фыдгæнджытæ æмæ дзæгъæлдзуты бахху-
ырста. 5Уыцы къордимæ Офрайы сахармæ,
йæ фыды мыггаг кæм цардис, уырдæм æр-
бацыд æмæ йæ дæс æмæ æртиссæдз æф-
сымæры иу дуры сæрыл амардта. Æрмæст
Гедеоны кæстæр фырт Йотам бамбæхсти
æмæ уый фæрцы аирвæзт.

6Шехем æмæ Бет-Миллойы цæрджытæ,
табуйаг дуры цур цы тулдз уыдис, уый раз
æрæмбырд сты æмæ Авимелехы сæхицæн
паддзахæй расидтысты. 7Йотамæн уыцы
хабар куы фехъусын кодтой, уæд Геризимы
хохы сæрмæ ссыди æмæ уырдыгæй ныхъ-
хъæр кодта:

— Байхъусут мæм, шехемæгтæ, æмæ уын
Хуыцау дæр уæ куывд фехъусдзæн! 8Иу хатт
бæлæстæ æрæмбырд сты æмæ сæхицæн
паддзах равзарын сфæнд кодтой. Оливæ
бæласæн загътой: «Паддзахæй нын ныл-
лæуу». Фæлæ сын уый дзуапп радта: 9«Æмæ
уæд, хуыцæуттæн æмæ адæмæн цы сойæ кад
кæнынц, уый та цы фæуыдзæн? Цæмæй ин-
нæ бæлæстæй фæуæлдæр уон, уый тыххæй
сын мæ сой мауал дæттон?» 10Уæд бæлæстæ
легъуи бæласмæ бацыдысты, фæлæ сын
уый загъта: 11«Ау, æмæ мæ хæрзад дыргътæ
куыд ныууадзон? Æрмæст, цæмæй иннæ
бæлæстæм уæлейæ дæлæмæ кæсон, уый
тыххæй?» 12Бæлæстæ сæнæфсиры таламæ
бахатыдысты: «Паддзахæй нын ныллæуу».
13Фæлæ сын загъта: «Æмæ мæ сæн та? Уый
хъæлдзæг кæны хуыцæутты æмæ адæмы.
Ау, мауал сын æй дæттон? Æрмæстдæр, цæ-
мæй иннæ бæлæстæй фæуæлдæр уон, уый
тыххæй?» 14Уæд бæлæстæ какон сындзæн
загътой: «Паддзахæй нын ныллæуу». 15Уый
сын дзуапп радта: «Кæд мæ æцæгдæр уæ-
хицæн паддзахæй æвзарут, уæд æрбацæут
æмæ мæ аууоны бамбæхсут. Паддзахæй мæ
куынæ равзарат, уæд мæ сындзытæй арты
’взæгтæ рацæудзысты æмæ ливайнаг нæзыты
басудздзысты».

16Шехемæгтæ! Авимелехы уæхицæн пад-
дзахæй куы равзæрстат, уæд раст бакодтат,
куыд уæм кæсы? Иеруббаалæн æмæ йæ мыг-
гагæн сæ хорздзинæдтæ хорзæй бафыстат?
Уый аккаг уыдис Иеруббаал? 17Мæ фыд уæ
сæрыл бирæ фæтох кодта. Цæмæй уæ ми-
дианæгтæй фервæзын кæна, уый тыххæй
йæ цардыл нæ ауæрста! 18Ныр ын сымах йæ
мыггаджы ныхмæ сыстадыстут æмæ йын йæ
фыртты ныццагътат! Иу дурыл дæс æмæ æр-
тиссæдз лæджы амардтат! Æмæ мæ фыдæн
йæ цагъары фырты, æрмæстдæр уæ туг, уе

**8:27** Ацы ран ефод нысан кæны «сыгъзæрин цырт». Йæ иннæ нысаниуæг – «сауджыны раздарæн».

стæг кæй у, уый тыххæй уæхицæн, Шехемы
цæрджытæн, паддзахæй равзæрстат! 19Гъе-
мæ уæм кæд, Иеруббаал æмæ йæ мыггаджы
хæрзтæ ахæм хуызы кæй бафыстат, уый раст
кæсы, уæд цин кæнут Авимелехыл, æмæ
уыл уый дæр цин кæнæд! 20Фæлæ кæд галиу
æмæ мæнгард ми ракодтат, уæд Авимелех
ахæм арт ссудзын кæнæд, Шехем æмæ Бет-
Миллойы цæрджыты чи бабын кæна! Æмæ
Шехемы цæрджытæ дæр ахæм арт ссудзын
кæнæнт, Авимелехы чи фесафа!

21Уый фæстæ Йотам йе 'фсымæр Авиме-
лехæй Бееры сахармæ алыгъд æмæ уым
æрцардис. 22Авимелех æртæ азы дæргъы
уыдис Израилы паддзах. 23Фæлæ Хуыцау
Авимелех æмæ Шехемы цæрджыты 'хсæн
фыдæхы моны бауагъта, æмæ шехемæгтæ
Авимелехы ныхмæ сыстадысты. 24Авиме-
лех æмæ Шехемы цæрджытæ сæ тæригъæд
хъуамæ иумæ бафыстаиккой, уымæн æмæ
Авимелех амардта Гедеоны дæс æмæ æр-
тиссæдз фырты, йе 'фсымæрты, шехемæгтæ
та йын уыцы фыдракæнды æххуыс кодтой.

25Шехемæгтæ Авимелехы ныхмæ сæ алы-
варс хæхты бабадтысты æмæ, сæ рæзты
чидæриддæр цыди, уыдоны стыгътой. Ави-
мелехмæ уый тыххæй фæхабар чындæуыд.

26Шехеммæ æрбацыдис Эведы фырт Гаал
йæ хæстæджытимæ. Шехемæгтæ сæ зæрдæ
дардтой Гаалыл. 27Сæнæфсирдонмæ ацы-
дысты, æртыдтой сæнæфсир, сæндуцæны
йæ ныллæмæрстой æмæ куывд скодтой. Сæ
хуыцауы хæдзары сæхи ирхæфстой æмæ
цин кодтой. Фынгтæ равæрдтой, хордтой,
нуæзтой æмæ Авимелехы фыдгой кодтой.
28Эведы фырт Гаал дзырдта: «Чи у Авимелех
шехемæгты раз? Мах хъуамæ Авимелехæн
лæггад кæнæм? Иеруббаалы фырт æмæ йæ
хæдивæг Зевул хъуамæ сæхæдæг лæггад
кæной Хаморы адæмæн. 29Ехх, æз ацы адæ-
мæн хицау куы уаин, уæд Авимелехы бæргæ
атæрин ардыгæй!»

Æмæ Гаал фæсидти Авимелехмæ, де 'фсад
æрæмбырд кæн æмæ хæстмæ рацу, зæгъгæ.
30Сахары хицау Зевул, Эведы фырт Гаал цы
ныхæстæ кæны, уый куы фехъуыста, уæд
смæсты ис, 31æмæ сусæгæй Авимелехмæ
минæвæрттæ арвыста, цæмæй йын фехъу-
сын кæной: «Шехеммæ йæ хæстæджыти-
мæ æрбацыд Эведы фырт Гаал æмæ сахары
цæрджыты дæ ныхмæ ардауы. 32Æхсæвы дæ
адæмимæ фæссахар бабад. 33Райсомæй хур
куыддæр скæса, афтæ-иу бабырс сахармæ.
Гаал йе 'фсадимæ дæ размæ рацæудзæн æмæ
дæ къухтæм бахаудзæн».

34Æхсæвы Авимелех йе 'ппæт æфсадимæ
хæстмæ рацыдис, йæ хæстонтæ цыппар
къордыл адих сты æмæ Шехемы алыварс
бабадтысты.

35Эведы фырт Гаал лæууыди сахары кул-
дуары цур. Æвиппайды рæсæнуатæй фæ-
зындис Авимелех йæ адæмимæ. 36Гаал сæ
ауыдта æмæ Зевулæн загъта: «Цавæрдæр
адæм къуыбырæй æрцæуынц». Зевул ын
дзуапп радта: «Нæ, уыдон адæм не сты. Уый
дæм, къуыбыртыл цы аууæттæ ис, уыдон
адæмы хуызæн фæкастысты». 37Фæлæ та
йын Гаал ногæй загъта: «Къуыбырæй адæм
æрцæуынц. Иу æндæр къорд та Дæсныфæрс-
джыты бæласы 'рдыгæй æрбацæуы». 38Уæд
ын Зевул афтæ зæгъы: «Æмæ дæхæдæг аф-
тæ нæ дзырдтай, Авимелех чи у æмæ йын
цæмæн хъуамæ лæггад кæнæм, зæгъгæ?
Уæртæ сты, дæ сæрмæ кæй нæ хæссыс, уыцы
адæм. Цу æмæ схæц семæ!» 39Гаал Шехемы
цæрджыты йæ фæдыл акодта æмæ Ави-
мелехы 'фсады ныхмæ схæцыди. 40Фæлæ
йæ хæстонтæ лидзæг фесты. Авимелех сæ
сахары кулдуары онг фæсырдта, бирæтæ
дзы фæмард сты. 41Уый фæстæ Авимелех
æрбынат кодта Арумайы. Зевул та Гаалы йæ
хæстæджытимæ Шехемæй ратардта.

42Дыккаг бон шехемæгтæ ногæй сахарæй
рацыдысты. Авимелехмæ фæхабар чындæ-
уыди. 43Йе 'фсад æртæ къордыл адих кодта
æмæ рæсæнуаты бадти. Сахарæй чидæрид-
дæр цыди, уыдоны мардта. 44Йæ иу къор-
димæ сахары кулдуары раз лæууыд, иннæ
дыууæ та, сахарæй чи цыди, уыдоны цагътой.

45Авимелех æмæ шехемæгтæ фæхæцыдыс-
ты æнæхъæн бон. Авимелех сахар бацахста
æмæ йын йæ цæрджыты ныццагъта. Шехемы
сахар ныддæрæн кодта æмæ йын йæ бынаты
цæхх байзæрста.

46Шехемы мæсыджы чи царди, уыцы адæм
уыдæттæ куы фехъуыстой, уæд, Ел-Бериты
кувæндоны цы фидар уыдис, уырдæм ацы-
дысты. 47Авимелехæн фехъусын кодтой, Ше-
хемы мæсыджы чи уыди, уыдон иууылдæр
уыцы ран æрæмбырд сты, зæгъгæ. 48Уæд
Авимелех йæ адæмы фæрæттимæ Цалмо-
ны хохы цурмæ æрбакодта, йæ фæрæтæй
бæласы къалиутæ æрцагъта, йе 'ккоймæ сæ
systа æмæ йæ хæстонтæн бардзырд радта:
«Рæвдздæр! Сымах дæр мæн бафæзмут!»
49Хæстонтæ дæр бæлæсты къалиутæ æр-
цагътой æмæ Авимелехы фæдыл ацыдысты.
Сæ къалиутæ фидары алыварс æрæвæрдтой
æмæ сыл арт бандзæрстой. Уым уыди минмæ
æввахс нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ,

Шехемы мæсыджы чидæриддæр уыди, уы-
дон иуулдæр басыгъдысты.
50Уый фæстæ Авимелех Тевецы сахарыл
æрхъула кодта æмæ йæ бацахста. 51Сахары
уыди быруйæ æхгæд мæсыг, æмæ Тевецы
цæрджытæ, усæй, лæгæй, иуулдæр уырдæм
згъордтой. Дуар сæхгæдтой æмæ мæсыджы
сæрмæ слыгъдысты. 52Авимелех æмæ йе
’фсад мæсыгмæ хæстæг бацыдысты æмæ йæ
алыварс æрлæууыдысты. Авимелех мæсы-
гыл арт бандзарынмæ куы хъавыди, 53уæд
ын иу сылгоймаг йæ сæрыл зилгæ куыройы
фыд æрæппæрста æмæ йын йæ сæргæхц
батыдта. 54Авимелех уайтагъд йæ хотыхдар-
мæ фæсидти: «Слас дæ кард æмæ мæ амар.
Хъуамæ мачи зæгъа, Авимелехы сылгоймаг
амардта, зæгъгæ». Хотыхдар ын йæ риуы
кард ныссагъта, æмæ амарди. 55Израилæгтæ
йæ мардæй куы федтой, уæд сæ хæдзæрттæм
ныххæлиу сты. 56Афтæ Хуыцау Авимелехæн
бафидын кодта йæ тæригъæд — йæ фыды
мыггагмæ йæ къух кæй systa æмæ йе ’фсы-
мæрты кæй амардта, уый. 57Шехемæгтæн
дæр Хуыцау сæ фыдракæндтæ бафидын
кодта. Афтæ сæххæст Иерубаалы фырт
Йотамы æлгъыст.

**10** Авимелехы фæстæ Израилы ирвæзын-
гæнæг сси Додойы фырты фырт, Пуайы фырт
Тола, Иссахары хæдзарвæндагæй. Уый царди
Шамиры, Ефремы хæхты. 2Æртæ æмæ ссæдз
азы дæргъы Тола уыдис Израилы фæтæг.
Куы амарди, уæд æй Шамиры баныгæдтой.
3Толайы фæстæ дыууæ æмæ ссæдз азы
Израилы фæтæг уыди галаадаг Иаир. 4Уы-
дис ын дæс æмæ ссæдз фырты, алкæмæ дæр
дзы уыди хæрæг, уыди сæм дæс æмæ ссæдз
хъæуы. Абоны онг уыцы хъæутæ сты Гала-
ады æмæ сæ хонынц Иаиры хъæутæ. 5Иаир
куы амарди, уæд æй Камоны баныгæдтой.
6Израилæгтæ ногæй Дунедарæджы сæ ми-
тæй мæсты кæнын райдыдтой: лæггад код-
той Баалтæ æмæ Астартæтæн, арамейæгты
хуыцæуттæн, сидойнæгтæ, моавæгтæ, ам-
монæгтæ æмæ филистимæгты хуыцæуттæн.
Ферох кодтой Дунедарæджы, нал Ын лæггад
кодтой. 7Дунедарæг смæсты ис Израилмæ
æмæ сæ филистимæгтæ æмæ аммонæгты
къухмæ радта. 8Уыдон сæ ссæстой æмæ сæ
хурхæй мардтой. Æстдæс азы дæргъы изра-
илæгтæй Иорданы фале, Галаады, аморæгты
зæххыл чи царди, уыдоны уæлæмæ скæсын
дæр нал суагътой.
9Аммонæгтæ Иорданы фаллаг фарсмæ
бахызтысты, цæмæй Иудæ, Бениамин æмæ
Ефремы фæдонтæм бабырсой. Израилæгтæ
тынг уæззау уавæры бахаудысты, 10æмæ
Дунедарæгмæ скуывтой: «Тæригъæдджын
стæм Дæ разы! Нæ Хуыцауы ныууагътам
æмæ Баалтæн лæггад кæнын райдыдтам!»
11Дунедарæг сын дзуапп радта: «Сымах æф-
хæрдтой мысырæгтæ, аморæгтæ, аммонæг-
тæ, филистимæгтæ, 12сидойнæгтæ, амале-
кæгтæ æмæ Маоны цæрджытæ. Куыддæр-иу
Мæм сдзынæзтат, афтæ-иу уæ Æз алкæддæр
фервæзын кодтон. 13Фæлæ та-иу Мæ сымах
ныууагътат æмæ-иу æндæр хуыцæуттæн
лæггад кæнын райдыдтат. Уый тыххæй уæ
Æз дæр нал ирвæзын кæндзынæн. 14Ацæут
æмæ, уæхицæн цы хуыцæутты равзæрстат,
уыдонмæ дзыназут. Уыдон уæ фыдбылызæй
фервæзын кæнæнт!» 15Израилæгтæ Дунеда-
рæгæн загътой: «Тæригъæд ракодтам. Цы
Дæ фæнды, уый нын сараз, æрмæст нæ ныр
фервæзын кæн». 16Æмæ ныууагътой æцæгæ-
лон хуыцæутты, раздæрау лæггад кодтой
Дунедарæгæн. Дунедарæджы бон нал уыд
Израилы хъизæмæрттæм кæсын.
17Аммонæгтæ хæстмæ æрæмбырд сты æмæ
Галаады рæсæнуат скодтой. Израилæгты рæ-
сæнуат та уыди Мицпамæ хæстæг. 18Галаады
хицæуттæ æмæ æфсæддонтæ кæрæдзийæн
дзырдтой: «Аммонæгты ныхмæ нæ хæстмæ
чи акæна, уый Галаады хицау суыдзæнис».

**11** Галаадаг Йеффай уыди домбай хæстон.
Йæ фыд — Галаад, йæ ныййарæг мад — хæ-
таг сылгоймаг. 2Галаадæн ма йæ бинойнаг
æндæр фырттæ дæр ныййардта, æмæ уыдон
куы байрæзтысты, уæд Йеффайы сæ хæ-
дзарæй ратардтой æмæ йын загътой: «Ды
нæ фыды бынтæй ницы айсдзынæ, уымæн
æмæ æндæр мадæй гуырд дæ». 3Йеффай
йе ’фсымæртæй алыгъд æмæ Товы бæстæ-
йы æрцарди. Уым ыл алы дзæгъæлдзутæ
æрæмбырд сты, æмæ иумæ адæмы стыгътой.
4Цасдæр рæстæджы фæстæ израилæгтæм
аммонæгтæ æрбабырстой. 5Аммонæгтæ
Израилы ныхмæ куы схæцыдысты, уæд Га-
лаады хистæртæ Йеффаймæ Товы бæстæм
ацыдысты 6æмæ йын загътой: «Раздæх æмæ
у нæ фæтæг, аммонæгты ныхмæ нæ хæстмæ
акæн». 7Йеффай Галаады хистæртæн дзуапп
радта: «Раздæр уын æнæуынон куы уыдтæн,
мæ фыды хæдзарæй мæ куы ратардтат. Ныр
фыдбылызы куы бахаудыстут, уæд та мæ
æрцагуырдтат». 8Галаады хистæртæ йын
загътой: «Мах дæм æрбацыдыстæм, цæ-
мæй нæ аммонæгты ныхмæ хæстмæ акæнай.
Ды суыдзынæ нæ паддзах, æгас Галаады

паддзах». 9Йеффай загъта: «Хорз, æз раз-
дæхдзынæн æмæ уæ аммонæгты ныхмæ
хæстмæ акæндзынæн. Æмæ мын кæд Ду-
недарæг уæлахиз ратта, уæд уæ паддзах
суыдзынæн». 10Галаады хистæртæ расомы
кодтой: «Дунедарæг не 'вдисæн! Ард дын
хæрæм, мах нæ дзырд нæ фæсайдзыстæм».
11Йеффай Галаады хистæртимæ рацы-
дис. Адæм дзы сæхицæн фæтæг загътой.
Мицпайы Йеффай Дунедарæджы раз ногæй
фехъусын кодта сæ бадзырд.
12Йеффай аммонæгты паддзахмæ ми-
нæвæрттæ арвыста ахæм фарстимæ: «Цы
дæ хъæуы мæнæй? Мæ зæхмæ мын хæст-
мæ цæмæн цæуыс?» 13Аммонæгты паддзах
Йеффайы минæвæрттæн дзуапп радта: «Из-
раилæгтæ Мысырæй куы рацыдысты, уæд
мын мæ зæххытæ Арнонæй Йавок æмæ
Иорданы онг бацахстой. Ратт мын сæ фæс-
тæмæ æнæмастæй!» 14Йеффай аммонæгты
паддзахмæ ногæй минæвæрттæ арвыста,
цæмæй йын зæгъой: 15«Афтæ зæгъы Йеффай:
Израил моавæгтæ æмæ аммонæгты зæххытæ
никуы байста. 16Израилæгтæ Мысырæй куы
рацыдысты, уæд суанг Сырх денджызы онг
æдзæрæг быдырыл фæцыдысты. Кадешмæ
куы бахæццæ сты, 17уæд Едомы паддзахмæ
минæвæрттæ барвыстой, дæ зæххыл нын
ацæуыны бар ратт, зæгъгæ, фæлæ сæ Едомы
паддзах нæ бауагъта. Уæд хатæг барвыстой
Моавы паддзахмæ, фæлæ сæ уый дæр нæ
бауагъта. Израилæгты бахъуыди Кадешы
баззайын. 18Уый фæстæ та ногæй æдзæрæг
быдырыл ацыдысты, Едом æмæ Моавы рæз-
ты ахызтысты. Моавæй скæсæнæрдæм араст
сты æмæ Арноны фале рæсæнуат скодтой,
Моавы зæхмæ нæ бахызтысты, афтæмæй.
Арнон та ис Моавы арæныл. 19Израилæг-
тæ Хешбоны паддзах Сигонмæ, аморæгты
паддзахмæ, минæвæрттæ арвыстой, нæ бæс-
тæм нæ дæ зæххыл ацæуын бауадз, зæгъгæ,
20фæлæ сын Сигон бар нæ радта. Йе 'фсад
иууылдæр æрæмбырд кодта, Йахацмæ хæс-
тæг рæсæнуат скодта æмæ израилæгтимæ
схæцыди. 21Дунедарæг, Израилы Хуыцау,
Сигоны йе 'ппæт æфсадимæ израилæгты
къухтæм радта, æмæ йыл фæуæлахиз сты,
уыцы бæстæйы цы аморæгтæ цардысты,
уыдонæн сæ зæххытæ иууылдæр бацахстой.
22Аморæгты зæххытæ Арнонæй Йавочы онг,
стæй æдзæрæг быдырæй Иорданы онг сæхи
бакодтой. 23Афтæ Дунедарæг, Израилы Хуы-
цау, уыцы зæххытæ аморæгтæй байста æмæ
сæ радта йæ адæмæн, Израилæн. Æмæ нын
сæ ныр ды та байсынмæ хъавыс? 24Дæ хуыцау
Кемош дын кæй радта, уыцы зæххытæ дæ
къухы не сты? Уæдæ махæн дæр нæ Хуыцау,
Дунедарæг, цы зæххытæ радта, уыдон нæ
бар сты. 25Ды Моавы паддзахæй, Ципоры
фырт Балакæй цæмæй хуыздæр дæ? Æмæ
уый Израилимæ тох никуы кодта, никуы
хæцыд йæ ныхмæ! 26Израилæгтæ Хешбон
æмæ йæ алыварс хъæуты, Ароер æмæ йæ
алыварс хъæуты, стæй Арноны дон-дон цы
хъæутæ ис, уыдоны ныридæгæн æртæсæдæ
азы цæрынц. Æмæ нæ уæд ацы зæххытæ
раздæр цæуылнæ истай? 27Æз дæу ницæ-
мæй бафхæрдтон, ды та мын аразыс фыдбы-
лыз — мæ ныхмæ хæстмæ рацыдтæ. Уæдæ
ныр израилæгтæ æмæ аммонæгты хъаст
Дунедарæг — Тæрхонгæнæг — равзарæд
Йæхæдæг!» 28Аммоны паддзах Йеффайы
ныхæстæ ницæмæ æрдардта.
29Дунедарæджы Уд Йеффайыл æртыхс-
ти. Галаад æмæ Менассиайы зæххыл ацыд,
бахæццæ ис Мицпайы сахармæ. Уырды-
гæй аммонæгты ныхмæ хæстмæ рацыди.
30Йеффай Дунедарæгæн дзырд радта: «Ам-
монæгты мын мæ къухмæ куы радтай 31æмæ
уæлахизимæ куы раздæхон, уæд Дын, мæ
хæдзарæй мæ размæ фыццаг чи рацæуа, уый
иууылсудзинаг нывондæн æрхæсдзынæн!»
32Йеффай аммонæгтæм бабырста, æмæ
йын Дунедарæг уæлахиз радта. 33Аммонæг-
ты ссæдз хъæуы ныддæрæн кодта — Аро-
ерæй Миннит æмæ Авел-Керамимы онг.
Афтæмæй израилæгтæ аммонæгтыл фæ-
уæлахиз сты.
34Йеффай æрыздæхтис йæ хæдзармæ,
Мицпайы сахармæ. Йæ размæ, кафгæ æмæ
дзæнгæрджытæй цæгъдгæ, рацыди йæ чызг.
Уый уыдис йæ иунæг чызг, цотæй йын æндæр
ницы уыди. 35Куы йæ ауыдта, уæд йæ дарæс
фæйнæрдæм арæдывта æмæ ныхъхъæр код-
та: «Ехх, мæ чызг, уый мын цы бакодтай!
Сау бæллæхы мæ куы баппæрстай! Æз Ду-
недарæгæн дзырд радтон æмæ йæ мæ бон
нæ сæххæст кæнын нæу!» 36Чызг ын дзуапп
радта: «Мæ фыд! Кæд Дунедарæджы раз
сомы ракодтай, уæд дæ сомы сæххæст кæн,
уымæн æмæ дын Дунедарæг балæвар кодта
уæлахиз, æмæ де знæгтæй, аммонæгтæй,
дæ маст райстай». 37Стæй ма йæ ныхасмæ
бафтыдта: «Æрмæст мæм иу курдиат ис:
дыууæ мæйы-ма банхъæлмæ кæс. Æз ме
'мбæлттимæ хæхтæм ацæудзынæн æмæ уым
фæкæуудзынæн мæ хъысмæтыл — мойы ад
кæй нæ базондзынæн, ууыл». 38Йæ фыд ын
загъта: «Хорз, ацу». Æмæ йæ дыууæ мæйы
'мгъуыдмæ ауагъта. Чызг йе 'мбæлттимæ

хæхтæм ацыд æмæ куыдта йæ хъысмæтыл,
нæлгоймаджы ад кæй нæ базондзæнис, уыл.
39Дыууæ мæйы фæстæ йæ фыдмæ æрыздæх-
ти. Фыд йæ сомы сæххæст кодта, æмæ чызг
нæлгоймаджы ад нæ базыдта. Уæдæй нырмæ
израилæгтæм фæзынди ахæм æгъдау: 40алы
аз дæр чызджытæ цыппар бонмæ ацæуынц
хæхтæм æмæ фæкæуынц галаадаг Йеффайы
чызджы хъысмæтыл.

**12** Ефремы фæдонтæ æрæмбырд сты, æрба-
цыдысты Цафоны сахармæ æмæ Йеффайæн
загътой: «Аммонæгты ныхмæ куы хæцыдтæ,
уæд махмæ цæуылнæ фæдзырдтай? Уый
тыххæй дын дæ хæдзар демæ басудздзыс-
тæм». 2Йеффай сын дзуапп радта: «Æз мæ
адæмимæ аммонæгты ныхмæ карз тохы куы
бацыдтæн, уæд уæм сидтæн, фæлæ мын нæ
баххуыс кодтат. 3Уе ’ххуысмæ уын æнхъæл-
мæ дзæгъæлы кæсын, уый куы бамбæрстон,
уæд мæхæдæг, мæ цардыл нæ ауæрдгæйæ,
аммонæгты ныхмæ схæцыдтæн. Дунедарæг
мын сæ мæ къухмæ радта. Уæдæ ныр мемæ
хæцынвæнд цæмæн скодтат?»
4Йеффай Галаады æппæт цæрджыты
æрæмбырд кодта æмæ Ефремы ныхмæ схæ-
цыди. Галаадæгтæ ефремонты ныццагътой.
Уыдон хъæр кодтой: «Ефремонтæ — лидз-
джытæ! Галаад Ефрем æмæ Менассиайы
астæу ис!» Уыцы ныхæстæм галаадæгтæн сæ
маст ссыгъди пиллон артау æмæ ефремонты
æфсад ныццагътой.
5Галаадæгтæ Иорданы донуайæнтæ ба-
цахстой. Чи аирвæзт, уыцы ефремонтæй-иу
исчи доны фаллаг фарсмæ бахизынмæ куы
хъавыд, уæд-иу æй галаадæгтæ бафарстой:
«Ефремон нæ дæ?» Уый-иу дзуапп радта:
«Нæ дæн». 6Галаадæгтæ йын-иу загътой:
«Зæгъ-ма уæдæ „шибболет“». Ефремонæн-иу
уыцы дзырд йæ дзыхы нæ бадти, æмæ-иу
«сибболет» загъта. Уæд-иу æм фæлæбурдтой
æмæ-иу æй Иорданы донуайæны раз амард-
той. Уыцы заман ефремонтæй амардæуыд
дыууæ æмæ дыууиссæдз минмæ ’ввахс.
7Йеффай Израилы фæтæг уыди æхсæз
азы. Уый фæстæ амард, æмæ йæ бавæрдтой
Галаады, йæхи хъæуы.
8Йеффайы фæстæ Израилы фæтæг сси
Ивсан, Вифлеемы сахарæй. 9Уыди йын дæс
æмæ ссæдз фырты. Йæ дæс æмæ ссæдз чыз-
джы моймæ радта æмæ йæ фырттæн дæс
æмæ ссæдз чызджы æрхаста. Авд азы дæр-
гъы Ивсан уыдис Израилы фæтæг. 10Стæй
амард, æмæ йæ Вифлеемы бавæрдтой. 11Йæ
фæстæ Израилы фæтæг сси Елон. Уый уыди
Зевулоны хæдзарвæндагæй. Елон Израилы
фæтæг уыди дæс азы дæргъы. 12Стæй амард,
æмæ йæ баныгæдтой Айалоны, Зевулоны
зæххыл. 13Йæ фæстæ Израилы фæтæг сси
Хиллелы фырт Авдон, Пиратоны сахарæй.
14Уыдис ын дыууиссæдз фырты æмæ дæс
æмæ ссæдз фырты фырты. Алкæмæ дæр
дзы уыди фæйнæ хæрæджы. Аст азы дæргъы
Авдон уыди Израилы фæтæг. 15Уый фæс-
тæ Хиллелы фырт Авдон амарди, æмæ йæ
баныгæдтой Пиратоны, Амалекы хæхты,
Ефремы зæххыл.

**13** Израилæгтæ та Дунедарæджы сæ митæй
мæсты кодтой, æмæ сæ дыууиссæдз азмæ
филистимæгты дæлбар бакодта.
2Цорайы сахары цардис иу лæг, Даны хæ-
дзарвæндагæй, йæ ном хуынди Маноах. Йæ
бинойнаг уыдис æнæзæнæг, цот ын нæ цыди.
3Дунедарæджы зæд Маноахы усмæ æргом
рацыд æмæ йын загъта: «Ды æнæзæнæг дæ,
цот дын нæй, фæлæ банхъæлцау уыдзынæ,
æмæ дын фырт райгуырдзæни. 4Бæгæны
æмæ сæн ма бануаз, стæй дæхи нæфæт-
чиагæй ма фæхъæстæ кæн. 5Банхъæлцау
уыдзынæ, æмæ дын фырт райгуырдзæн. Йæ
сæрыхъуынтæ макуы алвынæд, уымæн æмæ
йæ райгуырдæй фæстæмæ уыдзæни Хуыца-
уы назир. Уый Израилы филистимæгтæй
ирвæзын кæнын райдайдзæн». 6Сылгоймаг
уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд йæ лæг-
мæ азгъордта æмæ йын загъта: «Хуыцауы
минæвар мæм æрбацыд! Уый уыди Хуы-
цауы зæды æнгæс, стыр тас мыл бафтыдта
йæ уындæй! Кæцæй æрцыди, уымæй йæ нæ
бафарстон, стæй мын Йæ ном дæр не схъæр
кодта. 7Уый мын загъта: „Банхъæлцау уы-
дзынæ, æмæ дын фырт райгуырдзæни. Бæ-
гæны æмæ сæн ма бануаз, стæй, цы хойраг
фæчъизи, уымæй дæхи ма фæхъæстæ кæн.
Дæ фырт йæ райгуырдæй йæ амæлæты онг
уыдзæни Хуыцауы назир“».
8Уæд Маноах Дунедарæгмæ скуывта: «Ду-
недарæг! Хуыцауы минæвары ма нæм ногæй
æрæрвит æмæ нын, цы саби райгуырдзæн,
уымæн цы кæнгæ у, уый бамбарын кæна».
9Хуыцау Маноахы курдиат сæххæст кодта.
Дунедарæджы зæд Маноахы бинойнагмæ
дыккаг хатт æргом рацыди. Уыцы рæстæг
сылгоймаг бадти быдыры, Маноах йæ разы
нæ уыди. 10Уайтæккæ йæ моймæ азгъорд-
та æмæ йын загъта: «Амæй размæ цы лæг

**13:5** Назир – Хуыцауæн йæхи чи снывонд кодта, ахæм адæймаг.

ӕрбацыди, уый та ногӕй фӕзынди!» 11Ма-
ноах уайтагъд фестад ӕмӕ йӕ усы фӕдыл
атындзыдта. Лӕджы размӕ бацыдис ӕмӕ
йӕ бафарста: «Мӕ бинойнагимӕ ныхас ды
кодтай?» Уый йын дзуапп радта: «О, Ӕз».
12Маноах та йӕ бафарста: «Дӕ ныхӕстӕ
куы сӕххӕст уой, уӕд уыцы лӕппуйӕн ку-
ыд цӕргӕ уыдзӕн, цы хъуамӕ куса?» 13Ду-
недарӕджы зӕд ын загъта: «Дӕ бинойнаг,
тобӕ йын цӕмӕй загътон, уыдӕттӕй йӕхи
бахъахъхъӕнӕд: 14сӕн ӕмӕ бӕгӕны ма
бануазӕд, сӕнӕфсир ӕмӕ нӕфӕтчиаг хӕ-
ринаджы хъӕстӕ ма фӕуӕд. Цыдӕриддӕр
ын бафӕдзӕхстон, уыдон сӕххӕст кӕнӕд».
15Маноах Дунедарӕджы зӕдӕн загъта: «Иу
чысыл ма нӕм афӕстиат у, сӕныкк дын аку-
сарт кӕнӕм». 16Дунедарӕджы зӕд ын дзуапп
радта: «Куы уӕм афӕстиат уон, уӕддӕр уын
уӕ хӕринагӕй нӕ бахӕрдзынӕн. Фӕлӕ дӕ
кӕд Дунедарӕгӕн иууылсудзинаг нывонд
ӕрхӕссын фӕнды, уӕд бакӕн афтӕ». Мано-
ах нӕма 'мбӕрста, йӕ разы Дунедарӕджы
зӕд кӕй лӕууы, уый, 17ӕмӕ йӕ бафарста:
«Дӕ ном куыд у? Дӕ ныхӕстӕ куы сӕххӕст
уой, уӕд дын арфӕ ракӕндзыстӕм». 18Дуне-
дарӕджы зӕд ын загъта: «Мӕ номӕй мын
цы кӕныс? Уый диссаг у». 19Маноах сӕныч-
чы, стӕй хойраджы хуынтӕ райста ӕмӕ
къӕдзӕхыл Дунедарӕгӕн иууылсудзинаг
нывонд ӕрхаста. Маноах ӕмӕ йӕ ус сӕхи
цӕстӕй федтой, Дунедарӕг цы диссаг са-
рӕзта, уый. 20Нывондхӕссӕны сӕрмӕ арты
ӕвзӕгтӕ хӕрдмӕ куы фӕцыдысты, уӕд
Дунедарӕджы зӕд арты ӕвзӕгты 'хсӕн сӕ
цӕстыты раз уӕларвмӕ ссыди. Сӕ дыууӕ
дӕр зӕххыл ныддӕлгом сты. 21Зӕд нал фӕ-
зынди нӕдӕр Маноахмӕ, нӕдӕр йӕ биной-
нагмӕ. Маноах бамбӕрста, Дунедарӕджы
зӕд кӕй уыди, уый, 22ӕмӕ йӕ усӕн загъта:
«Мах амӕлдзыстӕм, уымӕн ӕмӕ федтам
Хуыцауы». 23Фӕлӕ ус йемӕ не сразы ис:
«Дунедарӕг нӕ марынмӕ куы хъавыдаид,
уӕд нын нӕ иууылсудзинаг нывонд ӕмӕ
нӕ хойраджы хуынтӕ нӕ айстаид, стӕй
нын ницы радзырдтаид, ӕмӕ ацы диссаг
дӕр нӕ федтаиккам».

24Сылгоймагӕн фырт райгуырди, ӕмӕ
йыл сӕвӕрдта ном Самсон. Лӕппу рӕзыди
Дунедарӕджы арфӕимӕ. 25Дунедарӕджы
Уд Самсоныл ӕртыхсти Махане-Даны, Цора
ӕмӕ Ештаолы 'хсӕн.

**14** Иу хатт Самсон Тимнайы сахармӕ ацыд
ӕмӕ дзы иу филистимаг чызджы федта.
2Сӕхимӕ куы ӕрыздӕхт, уӕд йӕ фыд ӕмӕ
йӕ мадӕн загъта: «Тимнайы сахары иу фи-
листимаг чызджы федтон, ӕмӕ мын ӕй
ракурут». 3Фӕлӕ йын йӕ фыд ӕмӕ йӕ мад
загътой: «Ау, нӕ мыггаг ӕмӕ нӕ адӕмы
'хсӕн сылгоймӕгтӕ нал ис? Ӕнӕсунӕт фи-
листимӕгтӕй ус ракурын цӕмӕн сфӕнд
кодтай?» Самсон дзуапп радта: «Ракурут
мын уыцы чызджы, мӕ зӕрдӕмӕ фӕцы-
ди». 4Уыцы заман израилӕгтӕ уыдысты
филистимӕгты дӕлбар. Дунедарӕджы
фӕндыд, цӕмӕй филистимӕгтӕ сӕхӕдӕг
загъд ракъахой. Самсоны фыд ӕмӕ мад нӕ
зыдтой, уыцы хъуыддаг Дунедарӕгӕй кӕй
рацыди, уый.

5Самсон йӕ ныййарджытимӕ Тимнайы
сахармӕ ацыд. Сахары сӕндӕттӕм куы ба-
хӕццӕ сты, уӕд Самсоны размӕ рыхгӕ иу
лӕппын домбай разгъордта. 6Дунедарӕджы
Уд ӕртыхсти Самсоныл, ӕмӕ домбайы йӕ
къухтӕй сӕныччы скъуыдтӕ акодта. Уыцы
хабар йӕ фыд ӕмӕ йӕ мадӕн нӕ радзырдта.

7Самсон Тимнайы сахармӕ ӕрбацыд ӕмӕ,
чызгимӕ куы аныхас кодта, уӕд йӕ зӕр-
дӕмӕ нодджы тынгдӕр фӕцыди. 8Цасдӕр
рӕстӕджы фӕстӕ Самсон ногӕй ӕрбацыди
Тимнамӕ — чызджы курынмӕ. Фӕндагыл,
цы домбайы амардта, уый фенынмӕ баздӕх-
ти. Домбайы марды разынди мыд ӕмӕ бирӕ
мыдыбындзытӕ. 9Самсон мыдӕй йӕ армы
дзаг систа ӕмӕ дарддӕр хӕргӕ араст ис. Йӕ
ныййарджыты куы баййӕфта, уӕд мыдӕй
уыдонӕн дӕр авӕрдта, фӕлӕ сын, домбайы
мардӕй йӕ кӕй систа, уый нӕ загъта.

10Ӕмӕ мӕнӕ Самсоны фыд чызджы хӕ-
дзармӕ бацыди. Усгур лӕппуты 'гъдаумӕ
гӕсгӕ Самсон уым куывд скодта. 11Фысымтӕ
йӕ ӕрбацӕугӕ куы федтой, уӕд ын фынг-
ӕмбӕлттӕн дӕс ӕмӕ ссӕдз адӕймаджы
ӕрбахуыдтой. 12Самсон сын загъта: «Цӕй
ӕмӕ уын уыци-уыци радзурон. Куывд авд
боны фӕстӕ фӕуыдзӕнис, ӕмӕ йӕ кӕд
уӕдмӕ базонат, уӕд уын ратдзынӕн дӕс
ӕмӕ ссӕдз хӕдоны гӕнӕй уафт хъуымацӕй,
стӕй ма нодҗыдӕр дӕс ӕмӕ ссӕдз фӕлысты.
13Куынӕ йӕ базонат, уӕд та мын гӕнӕй уафт
хъуымацӕй дӕс ӕмӕ ссӕдз хӕдоны сымах
ратдзыстут, стӕй дӕс ӕмӕ ссӕдз фӕлысты».
Уыдон ын дзуапп радтой: «Цӕй, радзур нын
дӕ уыци-уыци, хъусӕм дӕм». 14Самсон сын
загъта: «Иннӕты чи хордта, уый йӕхӕдӕг
сси хӕринаг, тыхджын сси адджын». Фи-
листимӕгтӕ ӕртӕ боны фӕхъуыды код-
той, фӕлӕ уыци-уыци сӕ бон базонын нӕ
уыди. 15Куывды цыппӕрӕм бон куы ра-
лӕууыд, уӕд Самсоны усӕн загътой: «Дӕ

сæрыхицауы ракъах, æмæ уыци-уыцийæн
йæ дзуапп схъæр кæна. Науæд дын дæхи дæр
æмæ дæ бинонты дæр басудздзыстæм. Цæ-
мæн нæм фæдзырдтат? Цæмæй нæ бастигъат,
уымæн?» 16Уæд ус, цæссыгкалгæ, Самсонæн
загъта: «Нал мæ уарзыс! Мæ хæстæджытæн
мын уыци-уыци радзырдтай æмæ йын йæ
дзуапп мæнæн дæр нæ дзурыс!» Самсон
ын афтæ зæгъы: «Мæ ныййарджытæн куы
ницы схъæр кодтон, уæд æй дæуæн цæмæн
хъуамæ радзурон?» 17Ус æнæхъæн авд боны,
цалынмæ куывд цыди, уæдмæ фæкуыдта
æмæ йæ сæрыхицауы иу ран нал уагъта.
Самсон дзы стыхсти æмæ йын æвдæм бон
уыци-уыцийы дзуапп загъта, уый та йæ ра-
дзырдта филистимæгтæн. 18Æвдæм бон, хур
нæма аныгуылд, афтæ сахары цæрджытæ
Самсонæн дзуапп радтой: «Цы ис мыдæй
адджындæр? Чи у домбайæ тыхджындæр?»
Самсон сын загъта: «Мæ дыгæрдыгыл мын
куынæ хуым кодтаиккат, уæд мын мæ уы-
ци-уыци нæ базыдтаиккат».

19Дунедарæджы Уд Самсоныл æртыхсти.
Самсон Ашкелонмæ ацыд æмæ уым дæс
æмæ ссæдз лæджы амардта. Сæ дарæстæ
сын раласта æмæ сæ, уыци-уыци чи базыдта,
уыдонæн радта. Уый фæстæ мæстджынæй
йæ фыды хæдзармæ раздæхти. 20Самсоны
усы та йæ сиахсæмбæлттæй иуæн радтой.

**15** Цасдæр рæстæджы фæстæ, мæнæу кæр-
дыны афон, Самсон йæ усы бæрæггæнæг
Тимнæйы сахармæ ацыди. Йемæ ахаста сæ-
ныкк дæр. Самсон загъта: «Æз цæуын уатмæ,
мæ бинойнагмæ». Фæлæ йæ чызджы фыд нæ
бауагъта: 2«Æз афтæ æнхъæлдтон, æмæ йæ
уадзгæ ныккодтай. Гъемæ йæ дæ фынгæм-
бæлттæй иуæн радтон. Йæ кæстæр хо ноджы
рæсугъддæр у, кæстæры акæн». 3Самсон
загъта: «Ныр филистимæгтæн сар сæ сæр
кæны, æмæ аххосджын дæр сæхæдæг сты. Æз
сын, цы хъæуа, уый бацамондзынæн». 4Сам-
сон ацыд, æртæсæдæ сыл рувасы æрцахста,
сæ къæдзилтæй сæ кæрæдзиуыл къæйттæй
сбаста æмæ алы къайыл дæр фæйнæ цыра-
гъы бабаста. 5Уый фæстæ цырæгътæ ссыгъта
æмæ рувæсты филистимæгты быдыртыл
аскъæрдта. Сæ хосы мæкъуылтæ, мæнæуы
хуымтæ, сæндæттæ æмæ сой бæлæстæ сын
иууылдæр басыгъта. 6Филистимæгтæ адæмы
фарстой: «Уый чи бакодта?» Æмæ сын чидæр
загъта: «Уый Самсон уыди, Тимнайы сахарæй
иу лæджы сиахс. Чызджы фыд ын йæ усы
йæ фынгæмбæлттæй иуæн радта, æмæ дзы
Самсон йæ маст райста». Уæд филистимæгтæ
ацыдысты, фыды дæр æмæ чызджы дæр ба-
сыгътой. 7Самсон филистимæгтæн загъта:
«Цалынмæ мæ маст æххæстæй нæ райсон,
уæдмæ не 'рсабыр уыдзынæн». 8Самсон фи-
листимæгтæн сæ фæрстæ æмæ сæ къæхтæ
ныппырх кодта, уый фæстæ ацыд æмæ, Ета-
мы хохрæбын цы лæгæт уыди, уым æрцарди.
9Филистимæгтæ Иудеймæ æрбацыдысты
æмæ дзы рæсæнуат скодтой, Лехийы са-
хар бацахстой. 10Иудейы цæрджытæ сæ ба-
фарстой: «Нæ ныхмæ хæцын цæмæн сфæнд
кодтат?» Уыдон сын дзуапп радтой: «Мах
æрбацыдыстæм Самсоны сбæттынмæ, нæ
маст райсынмæ!» 11Иудейы цæрджытæй
æртæ мины, Етамы хохрæбын цы лæгæт
уыди, уырдæм ацыдысты æмæ Самсонæн
загътой: «Филистимæгтæн сæ дæлбар стæм,
уый куы зоныс, уæд цытæ кæныс?» Самсон
сын дзуапп радта: «Сæхæдæг мын куыд
бакодтой, æз дæр сын афтæ». 12Уæд Иудейы
цæрджытæ загътой: «Мах æрбацыдыстæм,
цæмæй дæ сбæттæм æмæ дæ филистимæгты
къухмæ раттæм». Самсон сын загъта: «Со-
мы ракæнут, кæй мæ нæ амардзыстут, уый
тыххæй». 13Уыдон ын загътой: «Ницы дын
кæндзыстæм, æрмæстдæр дæ сбæтдзыстæм
æмæ дæ филистимæгты къухтæм ратдзыс-
тæм, маргæ дæ нæ акæндзыстæм». Дыууæ
ног бæндæнæй йæ сбастой æмæ йæ лæгæтæй
ракодтой. 14Самсонимæ куыддæр Лехийы
сахармæ бахæццæ сты, афтæ филистимæгтæ,
хъæргæнгæ, йæ размæ разгъордтой. Ду-
недарæджы Уд Самсоныл æртыхсти. Йæ
къухтыл цы бæндæнтæ уыди, уыдон гæнау
асыгъдысты, æмæ йæ къухтæ феуæгъд сты.
15Самсон ауыдта, чи нæма бахус, ахæм хæ-
рæджы æфсæр. Фелвæста йæ æмæ дзы мин
филистимаджы амардта. 16Самсон загъта:
«Хæрæджы æфсæрæй æнæнымæц знæгты
ныццагътон, мин адæймаджы хæрæджы æф-
сæрæй амардтон». 17Уыцы ныхæсты фæстæ
хæрæджы 'фсæр ныззыгъуытт кодта. Уыцы
бынат та схуыдтой Рамат-Лехи.

18Самсон дойныйæ марди æмæ Дунеда-
рæгмæ скуывта: «Ды мæнæн, дæ цагъарæн,
балæвар кодтай ацы стыр уæлахиз. Уæдæ
ныр дойныйæ амæлдзынæн æмæ ацы æнæ-
сунæтты къухтæм бахаудзынæн?» 19Уæд
Хуыцау Лехийы сахары цур айнæджы цъасс
байгом кодта, æмæ дзы дон ракалди. Самсон
йæ дойны куы суагъта, уæд æм йæ хъару
раздæхт æмæ йæхимæ 'рцыди. Лехийы раз

**15:17** Ома «Лехийы къуыбыр». Дзут. «рамат» – «фехсын», «лехи» – «æфсæр».

цы суадон фæзынд, уымæн абоны онг дæр
ис ахæм ном — Ен-ха-Коре.
20Филистимæгты заман Самсон ссæдз азы
дæргъы уыди Израилы фæтæг.

**16** Иу хатт Самсон Газæйы сахармæ æрба-
цыд. Иу хæтаг сылы дзы федта æмæ йемæ
æрæмуат ис. 2Газæйы цæрджытæ базыдтой,
Самсон сахары кæй ис, уый. Уыцы бынаты
алыварс æрæмбырд сты, æмæ йæ æнæхъæн
æхсæв сахары кулдуары раз фæхъахъхъæд-
той. Æгас æхсæв æнхъæлмæ фæкастысты
æмæ дзырдтой: «Боныцъæхты йæ амардзыс-
тæм!» 3Самсон та æмбисæхсæвмæ фæфы-
нæй кодта, стæй сыстади. Сахары кулдуар
йæ дыууæ цæджындзимæ æд æвдузæнтæ
рарæдывта, йе ’ккоймæ йæ systа æмæ йæ,
Хевроны акомкоммæ цы хох ис, уый сæр-
мæ схаста.
4Уый фæстæ иу сылгоймаджы бауарзта.
Уый царди Соречы дæлвæзы, йæ ном хуынди
Далилæ. 5Филистимæгты хицæуттæ Далилæ-
мæ æрбацыдысты æмæ йын загътой: «Ракъах
Самсоны: ахæм хъару йæм кæцæй ис? Куыд
ыл фæуæлахиз уæм? Куыд æй ис сбæттæн
æмæ басæттæн? Махæй дын алчидæр мин
æмæ сæдæ шекелы æвзист ратдзæни».
6Далилæ Самсоны бафарста: «Зæгъ-ма
мын, кæцæй дæм ис ахæм хъару? Куыд дæ
ис сбæттæн æмæ дын дæ хъару басæттæн
цæмæй ис?» 7Самсон ын загъта: «Чи нæма
бахус, ахæм авд хом нуарæй мæ куы сбæт-
тай, уæд мæ хъару фесæфдзæн, хуымæтæг
адæймаджы хуызæн суыдзынæн». 8Филис-
тимæгты хицæуттæ Далилæйæн, чи нæма
бахус, ахæм авд хом нуары æрбахастой, æмæ
Самсоны сбаста. 9Уыдон та æрæмбæхстысты
йæ уаты. Далилæ Самсонмæ дзуры: «Самсон!
Филистимæгтæ дæм æрбацыдысты!» Самсон
нуæрттæ, гæн æндахыл арт куыд сирвæзы,
уыйау æрбаскъуыдта, æмæ йæ тыхы су-
сæгдзинад нæ раргом ис. 10Уæд ын Далилæ
загъта: «Асайдтай мæ! Зæгъ-ма мын, цæй,
цæмæй дæ сбæттæн ис, уый!» 11Самсон ын
дзуапп радта: «Пайда кæмæй нæма кодтой,
ахæм ног бæндæнтæй мæ куы сбæттай, уæд
мæ тых фесæфдзæн æмæ хуымæтæг лæджы
хуызæн суыдзынæн». 12Далилæ ног бæн-
дæнтæ райста, сбаста йæ æмæ ныхъхъæр
кодта: «Самсон! Филистимæгтæ дæм æрба-
цыдысты!» Уыдон та уаты бадтысты. Самсон
бæндæнтæ æндæхтау æрбаскъуыдтæ кодта.
13Далилæ йын загъта: «Сайыс мæ! Раст ныхас
мын нæ дзурыс! Цæй-ма, схъæр мын æй
кæн, цæмæй дæ сбæттæн ис, уый!» Самсон
ын дзуапп радта: «Мæ сæрыхъуынтæй мын
авд дзыккуйы хъуымацы цæхгæрмæ куы
сбийай æмæ хъуымац телæй уафæн тæрхыл
куы ныххойай, уæд мæ хъару фесæфдзæн
æмæ хуымæтæг адæймаджы хуызæн суы-
дзынæн». 14Самсон куы бафынæй, уæд ын
Далилæ йæ сæрыхъуынтæй авд дзыккуйы
ног хъуымацы бабыдта æмæ хъуымац те-
лæй уафæн тæрхыл ныххоста. Уый фæстæ
Далилæ ныхъхъæр кодта: «Самсон! Филис-
тимæгтæ дæм æрбацыдысты!» Уый фехъал
æмæ тел æд хъуымац срæдывта. 15Далилæ
йын загъта: «Уарзыс мæ, зæгъгæ, мын дзурыс,
афтæмæй мыл не ’ууæндыс! Æртæ хатты
мæ асайдтай, дæ тыхы сусæгдзинад цæй
мидæг ис, уый та мын нырonг нæ раргом
кодтай!» 16Далилæ Самсонæн алы бон дæр
ахæм ныхæстæ кодта æмæ йын æнцой нæ
лæвæрдта, удхарæй йæ мардта. 17Æмæ йын
уæд йæ сусæгдзинад радзырдта: «Æз мæ
сæрыхъуынтæ никуы алвыдтон. Мæ райгу-
ырдæй фæстæмæ æз дæн Хуыцауы назир. Мæ
сæрыхъуынтæ куы алвынон, уæд мæ хъару
фесæфдзæн æмæ хуымæтæг адæймаджы
хуызæн суыдзынæн». 18Далилæ бамбæрс-
та, Самсон ын йæ сусæгдзинад кæй раргом
кодта, уый æмæ филистимæгты хицæуттæм
фæдзырдта: «Рацæут! Раргом мын кодта йæ
сусæгдзинад». Филистимæгты хицæуттæ
йæм æрбацыдысты æвзистимæ. 19Далилæ
Самсоны куы бафынæй кодта, уæд йæ лæг-
гадгæнæгмæ фæдзырдта, æмæ йын уый йæ
сæрæй авд дзыккуйы ралыг кодта. Самсон
фыццаг хатт æрлæмæгъ ис, йæ хъару фесæф-
ти. 20Далилæ та ныхъхъæр кодта: «Самсон!
Филистимæгтæ дæм æрбацыдысты!» Самсон
фехъал æмæ йæхинымæр загъта: «Ницы кæ-
ны, ацы хатт дæр та аирвæздзынæн». Нæма
зыдта, Дунедарæг æй кæй ныууагъта, уый.
21Филистимæгтæ Самсоны æрцахстой æмæ
йын йæ цæстытæ скъахтой. Газæйы сахармæ
йæ акодтой, æрхуы хъадамантæ йыл ба-
кодтой æмæ йæ мæнæу ссыныл бафтыдтой.
22Самсонæн йæ сæрыхъуынтæ ногæй рæ-
зын байдыдтой.
23Филистимæгты хицæуттæ æрæмбырд
сты сæ хуыцау Дагонæн нывонд æрхæс-
сынмæ æмæ сæхи бахъæлдзæг кæнынмæ.
Уыдон дзырдтой: «Нæ хуыцау нын Самсо-
ны, не знаджы, нæ къухмæ радта» 24Адæм
дæр, Самсонмæ кæсгæйæ, кад кодтой сæ
хуыцауæн æмæ дзырдтой: «Нæ хуыцау нын,
нæ зæххытæ нын чи сафтид кодта æмæ нæ

**15:19** Дзут. «Ен-ха-Коре» — «кувæджы суадон».

бирæты чи фæмардта, уыцы знаджы нæ
къухмæ радта». 25Куы бахъæлдзæг сты, уæд
загътой: «Æрбакæнут-ма Самсоны, уадз æмæ
нæ ахудын кæна!» Самсоны ахæстонæй æр-
бакодтой æмæ йæ хæдзары цæджындзты
астæу æрлæууын кодтой.
26Самсон, йæ фæдыл æй цы лæггадгæ-
нæг кодта, уымæн загъта: «Хæдзар цы цæ-
джындзтыл æнцайы, уыдоныл-ма мæ андзæ-
вын кæн мæ уырзтæй, æмæ сыл æз æрæнцой
кæнон». 27Хæдзар та йедзаг уыди нæлгой-
мæгтæ æмæ сылгоймæгтæй, филистимæгты
паддзæхтæ иууылдæр уым уыдысты, уæл-
хæдзары та уыдис æртæ мин адæймаджы.
Уыдон æрæмбырд сты Самсонмæ бакæсынмæ
æмæ æнхъæлмæ кастысты, ирхæфсын сæ кæд
райдайдзæни, уымæ. 28Самсон Дунедарæгмæ
скуывта: «О Дунедарæг, æрхъуыды мæ кæн!
Хуыцау, хъару мын ратт ныр, æмæ иу хаттæн
филистимæгтæй мæ дыууæ цæсты маст си-
сон!» 29Самсон, хæдзар цы дыууæ астæуккаг
цæджындзыл хæцыд, уыдоныл æрæнцой
кодта, иу къухæй — рахиз цæджындзыл, ин-
нæмæй — галиуыл, 30æмæ ныхъхъæр кодта:
«Уадз æмæ филистимæгтимæ амæлон!» Цæ-
джындзтыл тыххæст акодта, æмæ хæдзар
филистимæгты хицæуттыл, стæй ма дзы
цы адæм уыди, уыдоныл ныккалди. Самсон,
мæрдтæм цæугæйæ, цас знæгтæ амардта, уый
бæрц йе ’гасæй никуы фесæфта.
31Самсоны ’фсымæртæ æмæ йæ хæстæ-
джытæ Газæмæ æрбацыдысты æмæ йын йæ
мард ахастой. Баныгæдтой йæ Цора æмæ
Ештаолы астæу, йæ фыд Маноахы зæппадзы.
Самсон Израилы фæтæг уыди ссæдз азы.

**17** Ефремы хохыл цардис иу лæг, йæ ном —
Миха. 2Иу хатт йæ мадæн афтæ зæгъы: «Мин
æмæ сæдæ шекелы дæ æвзист куы фесæфти,
уæд дын æз де ’лгъыст фехъуыстон. Уыцы
’хца мæнæ сты, æз сæ райстон». Мад загъта:
«Дунедарæг арфæ ракæнæд мæ лæппуйæн!»
3Æмæ йын Миха мин æмæ сæдæ шекелы
æвзист фæстæмæ куы радта, уæд ын загъта:
«Ацы æвзист мæ лæппуйы номыл нывонд
кæнын Дунедарæгæн. Уадз æмæ дзы хуы-
цауы кæрдгæныв æмæ джиппыуагъд гуы-
миры саразой». 4Фæлæ йын уый йе ’взист
фæстæмæ радта. Мад згъæртайынгæнæгмæ
дыууæсæдæ шекелы æвзист радта, æмæ дзы
уый хуыцауы кæрдгæныв æмæ джиппы-
уагъд гуымиры саразта. Михайы хæдзары
сæ сæвæрдтой.
5Афтæ Михамæ фæзынди йæхи кувæндон.
Ефод æмæ хæдзарон хуыцаугæндтæ дæр
саразта, сауджынæй та сæвæрдта йæ фыр-
ты. 6Уыцы заман Израилы паддзах нæ уыди,
æмæ алчидæр кодта, цы йæ фæндыд, уый.
7-8Иудæйы хæдзарвæндагæй иу лæппу,
левит, уыцы заман царди иудейаг Вифлее-
мы æмæ уырдыгæй ног цæрæнбынат агурæг
ацыди. Æрбахæццæ ис Ефремы хохмæ, Ми-
хайы хæдзармæ. 9Миха йæ бафарста: «Кæцон
дæ?» Уый йын дзуапп радта: «Æз дæн левит,
иудейаг Вифлеемæй, кæм æрцæрон, уый
агурын». 10Миха йын загъта: «Мæнмæ лæуу,
сауджынæй мæм кусдзынæ, фыды хуызæн
мын суыдзынæ. Азмæ дын дæс шекелы æв-
зист дæтдзынæн, уымæй уæлдай — дзаума
æмæ хæринаг». Æмæ левит Михамæ баззади.
11Сразы ис Михайы хæдзары цæрыныл, æмæ
йын хъæбулы ад скодта. 12Миха левиты сау-
джыны куыстыл бафтыдта, æмæ йæ хæдзары
царди. 13Миха дзырдта: «Ныр æз фидарæй
æууæндын, Дунедарæг мыл кæй ауды, ууыл,
уымæн æмæ мæ хæдзары левит у сауджын».

**18** Уыцы заман Израилы паддзах нæ уыди.
Даны хæдзарвæндаг, кæм æрбынат кæной,
уый агуырдтой, уымæн æмæ сæм Израилы
хæдзæрвæндæгты ’хсæн зæххы хай афтæ
дæр нал æрхауд. 2Даны фæдонтæ сæ хæ-
дзарвæндагæй, Цора æмæ Ештаолы сахар-
тæй, фондз адæймаджы, фондз фæлтæрд
хæстоны равзæрстой æмæ сæ арвыстой бæ-
рæгдзау, цæмæй уыцы бæстæйы тыххæй
алцыдæр базоной. Загътой сын: «Ацæут
æмæ алцыдæр сбæрæг кæнут бæстæйы тых-
хæй». Уыдон бахæццæ сты Ефремы хæхтæм,
Михайы хæдзары цурмæ, æмæ уым æхсæ-
виуат бакодтой. 3Михайы хæдзары раз куы
уыдысты, уæд æрыгон левитæн йæ хъæлæс
фехъуыстой. Бацыдысты йæм æмæ йæ ба-
фарстой: «Ардæм дæ чи æрбакодта? Ам цы
кусыс, цы мигæнæг дæ?» 4Уый сын дзуапп
радта: «Миха мæ йæхицæн баххуырста, сау-
джынæй йæм кусын». Æмæ сын радзырдта,
Михайы хæдзары йæ цард куыд æрвиты,
уый. 5Уыдон ын загътой: «Цы хъуыддаджы
фæдыл æрцыдыстæм, уымæн йæ кæрон
хорз уыдзæн æви нæ, уый-ма нын базон,
бафæрс-ма Хуыцауы». 6Сауджын сын загъ-
та: «Цæут фарнимæ, Дунедарæг уемæ ис».
7Фондз лæджы дарддæр ацыдысты. Лаишы
сахармæ куы бахæццæ сты, уæд федтой,
уыцы ран адæм сидойнæгтау æнæмæтæй,
сабыр æмæ æдасæй кæй цæрынц, уый. Сæ
алыварс, чи сæ æфхæра, сæ зæххæй сæ чи

**17:5** Кæс: Фæт 8:27.

сура кæнæ сын æлдариуæг чи кæна, ахæмæй
ничи царди. Сидойнæгтæй дард уыдысты,
сæ сыхæгтæй та æввахс никæмæ цыдысты.
8 Фондз лæджы фæстæмæ сæ хæдзарвæн-
дагмæ, Цора æмæ Ештаолы цæрджытæм, куы
æрыздæхтысты, уæд сæ уыдон бафарстой:
«Цæй, цы зæгъдзыстут?» 9 Уыдон дзуапп
радтой: «Цомут æмæ схæцæм уыцы адæмы
ныхмæ, мах федтам, сæ зæхх куыд хорз у,
уый. Цæмæ ма кæсут? Фæстиат мауал кæнут,
цомут, бацахсæм сын сæ зæхх! 10 Цы адæмы
ныхмæ рацæудзыстут, уыдон фыдбылызæн
æнхъæл дæр не сты. Дунедарæг нын лæвар
кæны парахат бæстæ, уыцы зæхх æппындæр
цух ницæмæй у».
11 Даны хæдзарвæндагæй, Цора æмæ Еш-
таолы сахартæй, æхсæзсæдæ гæрзифтонг
хæстоны хæстмæ рацыдысты. 12 Раздæр Иу-
дейы, Кирйат-Иариммæ хæстæг, рæсæнуат
скодтой. Уыцы бынат абоны онг дæр Маха-
не-Дан хуыйны. Уый ис Кирйат-Иаримы
цур. 13 Уырдыгæй араст сты Ефремы хæх-
тæм. Михайы хæдзармæ куы бахæццæ сты,
14 уæд, уымæй размæ Лаишмæ бæрæгдзау цы
фондз хæстоны ацыдысты, уыдон иннæтæн
загътой: «Сымах зонут, ацы хæдзæрттæй
иуы хуыцауы кæрдгæныв, ефод, хуыцау-
гæндтæ æмæ джиппыуагъд гуымиры кæй
ис, уый? Уæдæ ахъуыды кæнут, цы кæнгæ
уын у, ууыл». 15 Уыйадыл уыцы лæгтæ Ми-
хайы хæдзармæ, æрыгон левит кæм цардис,
уыцырдæм фæзылдысты, бацыдысты ми-
дæмæ æмæ левитæн салам радтой. 16 Даны
фæдонтæй æхсæзсæдæ хæстоны гæрзифтон-
гæй лæууыдысты кулдуары цур. 17-18 Фондз
сгарæджы Михайы хæдзармæ бацыдысты
æмæ хуыцауы кæрдгæныв, ефод, хæдзарон
хуыцаугæндтæ, стæй джиппыуагъд гуыми-
рыйы рахастой, сауджын та лæууыди кулду-
ары цур, йæ разы — æхсæзсæдæ гæрзифтонг
хæстоны. Сауджын сæ бафарста: «Уый цы ми
кæнут?» 19 Уыдон ын загътой: «Ныхъхъус у,
мацы дзур! Цом немæ, сауджынæй нæм кус-
дзынæ, фыды хуызæн нын суыдзынæ. Кæмæ
хуыздæр у сауджынæй кусын: цавæрдæр
лæгмæ йæ хæдзары мидæг æви æнæхъæн
хæдзарвæндагмæ, Израилы хæдзарвæндæг-
тæй иумæ?» 20 Сауджын бацин кодта. Ефод,
хæдзарон хуыцаугæндты, стæй джиппы-
уагъд гуымирыйы рахаста æмæ адæмимæ
баиу ис. 21 Хæстонтæ дарддæр ацыдысты. Сæ
бинонты æд исбон æмæ æд фосы рæгъæуттæ
разæй ауагътой.
22 Даны фæдонтæ Михайы хæдзарæй куы
адард сты, уæд сæ Миха, йæ сыхæгтæй кæмæ
фæсидтис, уыдонимæ æрбайййæфта. 23 Даны
байзæддæгтæ фæсте хъæртæ куы айхъуыс-
той, уæд разылдысты æмæ Михайы бафарс-
той: «Цы дæ хъæуы? Цæмæн æрæмбырд
кодтай адæмы?» 24 Миха сын дзуапп радта:
«Сымах радавтат, æз кæй сарæзтон, уыцы
хуыцæутты, ракодтат мын мæ сауджыны!
Ницыуал мæм баззад! Ноджы ма мæ, цы мæ
хъæуы, зæгъгæ, фæрсут?» 25 Даны фæдонтæ
йын дзуапп радтой: «Дæ хъæлæс дын куын-
нæуал фехъусæм, афтæ! Нæ адæм æнæуый
дæр мæстджын сты. Сæхи уыл куы ныццæ-
вой, уæд дæхæдæг дæр æмæ дæ бинонтæ
дæр цагъды фæуыдзысты». 26 Уыйадыл Даны
байзæддæгтæ дарддæр ацыдысты. Миха
федта, уыдон дзы тыхджындæр кæй сты,
уый æмæ фæстæмæ йæ хæдзармæ аздæхти.
27 Даны фæдонтæ рахастой, Миха кæй са-
рæзта, уыдон, ракодтой йын йæ сауджыны
æмæ ацыдысты Лаишы ныхмæ хæцынмæ.
Уым адæм цардысты сабырæй, фыдбылыз
æнхъæл нæ уыдысты. Даны фæдонтæ сæ
карды амæттаг бакодтой, сахар та басыгъ-
той. 28 Лаишы цæрджытæм æххуысмæ ничи
фæзынд, уымæн æмæ сидойнæгтæй дард
цардысты, сæ сыхæгтæй та æввахс никæ-
мæ цыдысты.
Лаишы сахар ис Бет-Реховы тъæпæны.
Даны байзæддæгтæ йæ ногæй рацарæзтой
æмæ дзы æрцардысты. 29 Сахар схуыдтой
Дан — сæ рагфыдæл Даны, Израилы фыр-
ты, номыл. Раздæр та сахар Лаиш хуынди.
30 Даны фæдонтæ кæрдгæныв сæхимæ
сæвæрдтой. Фыццаг сæм сауджынæй ку-
ыста Моисейы фырты фырт, Гершомы фырт
Йонатан, уый фæстæ та, суанг цалынмæ
уыцы зæххы цæрджытæ хаст æрцыдысты,
уæдмæ — Йонатаны фæдонтæ. 31 Уыдон, Ми-
ха кæй сарæзта, уыцы кæрдгæныв сæхимæ
сæвæрдтой, æмæ, цалынмæ Хуыцауы хæдзар
Силомы уыди, уæдмæ уыдис уыдонмæ.

## 19

Израилы паддзах куынæ уыд, уыцы
заман Ефремы хæхты фахсыл цардис иу
лæг — левит. Уый иудейаг Вифлеемæй йæ-
хицæн номылус æрбакодта. 2 Йæ номылус
йемæ фæхыл ис æмæ фæстæмæ йæ фыды
хæдзармæ, Иудейаг Вифлеемmæ, ацыди.
Рацыди цыппар мæймæ ’ввахс. 3 Левит
йемæ ракодта йæ лæггадгæнæджы, стæй
дыууæ хæрæджы æмæ йæ номылусмæ бæ-
рæггæнæг ацыди. Йæ зæрды уыди сылгой-
магæн балæгъстæ кæнын, цæмæй фæстæмæ

**18:12** Махане-Дан – «Даны рæсæнуат».

раздæха. Номылус левиты йæ фыды хæдзар-
мæ бахуыдта. Уый йæ, цингæнгæ, суазæг
кодта [4]æмæ йын ныллæгъстæ кодта, цæмæй
йæм уазæгуаты баззайа; афтæмæй æртæ
боны хордтой, нуæзтой æмæ фынæй код-
той. [5]Цыппæрæм бон сæумæрайсом левит
йæхи фæндагмæ срæвдз кодта. Йæ каис ын
загъта: «Цæуыны размæ уал иу чысыл исты
ахæр». [6]Æрбадтысты та, иумæ бахордтой,
бануæзтой, æмæ та левитæн йæ каис афтæ
загъы: «Цæй, ахсæв ма лæуу, баулæф». [7]Ле-
вит цæуынмæ хъавыди, фæлæ йын йæ каис
тынг балæгъстæ кодта, æмæ ма иу æхсæв
баззади. [8]Фæндзæм бон сæумæрайсом левит
йæхи срæвдз кодта, фæлæ та йæм йæ каис
ныххатыди, бахæр, загъгæ, æмæ изæрмæ
фынджы уæлхъус фæбадтысты. [9]Уый фæстæ
левит йæ номылус æмæ йæ лæггадгæнæгимæ
йæхи фæндагмæ цæттæ кæнын байдыдта.
Йæ каис та йын загъта: «Акæс-ма, изæр-
далынгтæ кæны, ахсæв ам лæуу! Баулæф
æмæ райсом сæумæцъæхæй ацæудзыстут
уæ хæдзармæ». [10]Фæлæ левит æхсæвы уым
баззайынмæ нал сразы, æмæ сæ фæндагыл
ацыдысты. Бахæццæ сты Йевусы сахармæ
(ома Йерусалиммæ). Левитимæ уыдысты йæ
номылус æмæ дыууæ хæрæджы æд уæргътæ.
[11]Йевусы сахармæ бахæццæ сты изæрмилты.
Левитæн йæ лæггадгæнæг загъта: «Цомут
ацы йевусæгты сахармæ æмæ уым æхсæви-
уат бакæнæм». [12]Йæ хицау ын загъта: «Нæ,
мах æцæгæлæттæм, Израилы адæмæй чи
нæу, уыдонмæ нæ бацæудзыстæм. Гевæйы
сахармæ ацæуæм». [13]Стæй ма йæ ныхасмæ
бафтыдта: «Ацы хъæутæй иумæ бахæццæ
уæм, Гевæ кæнæ Рамайы æхсæвиуат ба-
кæндзыстæм». [14]Æмæ дарддæр ацыдысты.
Бениамины зæххыл Гевæйы сахармæ куы
бахæццæ сты, уæдмæ хур аныгуылди. [15]Æмæ
Гевæйы ’рдæм фæзылдысты, цæмæй уым
æхсæвиуат бакæной. Сахары фæзы æрбад-
тысты, фæлæ сæ йæ хæдзармæ æхсæвиуат
бакæнынмæ ничи хуыдта. [16]Уыцы рæстæг
быдырæй фæскуыст иу зæронд лæг сцæй-
цыди. Уый царди Гевæйы, фæлæ йæхæдæг
уыди Ефремы хæхтæй рацæугæ, Гевæйы
сахары та цардысты Бениамины фæдон-
тæ. [17]Зæронд лæг сахары фæзы бæлццоны
куы федта, уæд æй бафарста: «Кæцæй æмæ
кæдæм цæуыс?» [18]Уый йын дзуапп радта:
«Мах иудейаг Вифлеемæй цæуæм Ефремы
хæхты фаллаг фарсмæ, æз уырдыгон дæн.
Уыдтæн иудейаг Вифлееммы æмæ ныр цæ-
уын нæхимæ. Йæ хæдзармæ мæ ничи хоны.
[19]Алцыдæр нæм ис, хъæмп æмæ нæм холлаг
дæр ис хæрджытæн. Махмæ, дæ цагъартæм,
мæхи æмæ мæ номылусы, стæй мæ лæггад-
гæнæджы фаг хæринаг æмæ сæн ис. Ницы
нæ хъæуы!» [20]Зæронд лæг ын загъта: «Ма
тыхс, цы уæ хъæуа, уый уын ратдзынæн. Уе
’хсæв уынджы ма арвитут». [21]Йæ хæдзармæ
сæ бахуыдта æмæ сын сæ хæрджытæн холлаг
радта. Бæлццæттæ сæ къæхтæ цæхсадтой
æмæ фынджы уæлхъус æрбадтысты.

[22]Уазджытæ сæ фæллад уагътой. Уалынмæ
сахары цæрджытæ, хъахбай адæм, хæдзары
алыварс æрæмбырд сты æмæ дуар бато-
ныныл архайдтой. Уыдон зæронд лæгæй,
хæдзары хицауæй, домдтой, цæмæй сæм
йæ уазæджы ракæна, æмæ йын батых кæной.
[23]Хæдзары хицау сæм рацыд æмæ сын лæгъс-
тæ кодта: «Æфсымæртæ, уæ хорзæхæй, ахæм
фыдракæнд ма саразут! Мæ уазæг у, чъизи
хъуыддаг ма бакæнут. [24]Фæлтау уын ме ’нæ-
цыд чызджы æмæ йæ номылусы ратдзынæн.
Фæхъазут сæ, цы уæ фæнды, уый сын кæнут,
æрмæст мын мæ уазæгæн ахæм чъизи ми
ма бакæнут!» [25]Фæлæ йæм уыдон хъусгæ
дæр нæ кодтой. Уæд левит йæ номылусыл
фæхæцыд æмæ сæм æй уынгмæ ракодта. Уы-
дон ын батых кодтой, æнæхъæн æхсæв дзы
фæхъазыдысты, æрмæст æй боныцъæхты
ауагътой. [26]Сылгоймаг сæумæцъæхæй, йæ
сæрыхицау фысымуат кæм скодта, уыцы
хæдзармæ æрбацыди, къæсæрыл æрхауд
æмæ хурыскастмæ уым баззади. [27]Куы сбон
ис, уæд йæ лæг сыстади æмæ дуар байгом
кодта, цæмæй дарддæр йæ фæндагыл ацæ-
уа. Æмæ федта: йæ номылус хуыссы дуары
цур, йæ къухтæй къæсæрыл ныххæцыдис,
афтæмæй. [28]Лæг ын загъта: «Сыст, цæугæ
кæнæм». Фæлæ дзуапп нæ райхъуысти. Лæг
ын йæ мард хæрæгыл сæвæрдта æмæ йæ хæ-
дзармæ араст ис. [29]Куы бахæццæ, уæ фæрæт
райста, марды буар дыууадæс дихы акодта
æмæ хæйттæ Израилы алы зылдмæ дæр
арвыста. [30]Уыцы хабар чидæриддæр федта,
уыдон дзырдтой: «Израилæгтæ Мысырæй
куы рацыдысты, уæдæй нырмæ ахæм хабар
никуыма æрцыди. Исты кæнын хъæуы!»

**20** Израилæгтæ, æгас дзыллæ, Данæй Бе-
ер-Шевæйы онг чидæриддæр царди, стæй
Галаады цæрджытæ, — иууылдæр иу лæджы
хуызæн Мицпайы сахармæ æрбацыдысты
æмæ Дунедарæджы раз æрлæууыдысты.
[2]Израилæгты фæтæгтæ се ’ппæт дæр уыдыс-
ты уым. Уыцы ран æрæмбырд сты Хуыцауы
адæм, кæрдтæй ифтонг хæстонтæ — цып-
парсæдæ мины. [3]Израилæгтæ Мицпайы

кæй æræмбырд сты, уыцы хабар Бениамины
фæдонтæ дæр фехъуыстой.

Израилæгтæ фарстой: «Ахæм фыдракæнд
цы хуызы æрцыди?» 4Уæд сын левит, мард
сылгоймаджы лæг, дзуапп радта: «Æз мæ
номылусимæ Бениамины зæхмæ, Гевæйы
сахармæ, æхсæвиуат бакæнынмæ бацыдтæн.
5Æхсæвы Гевæйы цæрджытæ æрбацыдысты
æмæ хæдзары алыварс æræмбырд сты, хъа-
выдысты мæ амарынмæ. Мæ номылусæн
мын батых кодтой, æмæ амард. 6Æз ын йæ
мард дыууадæс дихы акодтон æмæ хæйттæ
Израилы алы зылдмæ дæр арвыстон. Израи-
лы тынг чъизи æмæ æлгъаг хъуыддаг æрцы-
ди! 7Уæдæ ныр, израилæгтæ, æркæсут ацы
хъуыддагмæ æмæ исты уынаффæ рахæссут!»

8Израилæгтæ иууылдæр, иу лæджы ху-
ызæн, загътой: «Мах нæ аздæхдзыстæм
нæ цатыртæм, нæ хæдзæрттæм! 9Хуыцауы
амындмæ гæсгæ Гевæйæн бакæндзыстæм
афтæ: 10Израилæгты мыггæгтæй алы сæ-
дæйæ дæр дæс, минæй — сæдæ, дæс минæй
мин адæймаджы равзарæм, цæмæй нын не
'фсады фаг хæринаг æрбахæссой. Бениамины
зæхмæ, Гевæйы сахармæ, бабырсдзыстæм
æмæ йын йæ адæмæй, Израил ахæм æлгъаг
хъуыддагæй кæй сæгад кодтой, уый тыххæй
нæ маст райсдзыстæм».

11Æмæ израилæгтæ, иу лæджы хуызæн,
Гевæйы цурмæ æрбацыдысты. 12Бениамины
мыггагмæ минæвæрттæ арвыстой, цæмæй
сын фехъусын кæной: «Уæ зæххыл ахæм
æвирхъау фыдракæнд цы хуызы æрцыди?
13Гевæйы фыдгæнджыты нын раттут, æмæ
сæ амарæм, цæмæй Израилы зæххыл æл-
гъагæй мацыуал баззайа!» Бениамины фæ-
донтæ се 'фсымæрты, израилæгты ныхæстæ
ницæмæ æрдардтой. 14Сæ алы сахартæй
Гевæйы æræмбырд сты, цæмæй Израилы
ныхмæ стох кæной. 15Бениамины байзæд-
дæгтæй авдсæдæ хæстоны æræмбырд сты
Гевæйæн йæхицæй, æхсæз æмæ ссæдз мины
та æрбацыдысты иннæ сахартæй. 16Гевæйаг
авдсæдæ хæстоны уыдысты фæлтæрд гали-
уæгтæ. Уыдонæй иу дæр, дурæхсæнæй æр-
дуйыл дур фехсгæйæ, никуы фæивгъуыдта.
17Израилæгтæ та, Бениамины мыггаджы нæ
нымайгæйæ, уыдысты цыппарсæдæ мины
бæрц. Иууылдæр — фæлтæрд хæстонтæ.

18Израилæгтæ Вефилы сахармæ æрба-
цыдысты æмæ Хуыцауы бафарстой: «Бе-
ниамины мыггаджы ныхмæ нæ хæстмæ чи
акæндзæн?» Дунедарæг сын дзуапп радта:
«Иудæ ацæудзæни уæ разæй». 19Райсомæй
израилæгтæ Гевæмæ хæстæг рæсæнуат скод-
той. 20Бениамины мыггаджы ныхмæ хæстмæ
рацыдысты æмæ Гевæйы акомкоммæ хæстон
рæнхъытæй æрлæууыдысты. 21Бениамины
фæдонтæ Гевæйы сахарæй рацыдысты æмæ
израилæгты æфсадмæ бабырстой, израилæг-
тæй дыууæ æмæ ссæдз мины бæрц амардтой.
22Израилæгтæ сæ тыхтæ æрбамбырд кодтой
æмæ та сæ раздæры бынаты рæнхъытæй
æрлæууыдысты. 23Ацыдысты æмæ изæрмæ
Дунедарæджы раз фæкуыдтой, стæй Йæ ба-
фарстой: «Хæцæм ма дарддæр Бениамины
мыггагимæ, не 'фсымæртимæ?» Дунеда-
рæг сын дзуапп радта: «Хæцут!» 24Æмæ та
дыккаг бон Бениамины мыггаджы ныхмæ
хæстмæ рацыдысты. 25Уыдон та уыцы бон
дæр рацыдысты Гевæйæ æмæ израилæг-
тæм бабырстой, æстдæс мин гæрзифтонг
хæстоны амардтой. 26Уæд израилæгтæ, се
'фсад иууылдæр, ацыдысты Вефилмæ. Уым
Дунедарæджы раз изæрмæ фæбадтысты,
куыдтой æмæ ком дардтой. Дунедарæгæн
иууылсудзинаг нывæндтæ æмæ фидыды
нывæндтæ æрхастой. 27Уый фæстæ изра-
илæгтæ Дунедарæджы бафарстой. (Уыцы
заман Дунедарæджы Фидыды Чырын уым
уыди, 28йæ разы лæггад кодта Аароны фырты
фырт, Елеазары фырт Пинхас.) Израилæгтæ
бафарстой: «Не 'фсымæртимæ, Бениамины
мыггагимæ, дарддæр хæцæм æви нæ? Ацы
хæст бауромæм?» Дунедарæг сын дзуапп
радта: «Хæцут! Райсом уын Æз уæлахиз рат-
дзынæн». 29Уæд израилæгтæ Гевæйы алыварс
бабадтысты. 30Æртыккаг бон израилæгтæ
ногæй Бениамины фæдонты ныхмæ хæстмæ
рацыдысты æмæ, раздæр куыд кодтой, афтæ
Гевæйы акомкоммæ рæнхъытæй æрлæууы-
дысты. 31Бениамины фæдонтæ израилæгтæм
бабырстой æмæ дзæвгар адард сты сæ саха-
рæй. Раздæрау израилæгты мардтой æмæ сæ,
Вефил Гевæимæ цы фæндаг иу кæны, уый
рæзты бирæ фæсырдтой, израилæгтæй дæс
æмæ ссæдзы бæрц амардтой. 32Бениамины
фæдонтæ цинæй мардысты æмæ хъуыды
кодтой: «Уæлахиз та кæнæм не знæгтыл!»
Израилæгтæ та фæндæгтыл барæй лыгъ-
дысты, сæ зæрды уыди се знæгты сахарæй
расайын, цас дарддæр, уыйас хуыздæр.

33Израилæгты хæстонтæ Баал-Тамармæ
хæстæг хæцынæввонг рæнхъытæй æрлæууы-
дысты. Гевæйы ныгуылæйнаг фарс цы къорд
бабадти, уыдон та сæ ных Гевæйы 'рдæм
сарæзтой. 34Æгас Израилæй кæй æræмбырд
кодтой, уыцы дæс мин æвзаргæ хæстоны

**20:18** Кæнæ: Хуыцауы хæдзармæ.

Гевæйы сахармæ бабырстой. Райдыдта уæз-
зау тох. Бениамины фæдонтæ, фæуæлахиз
сыл уыдзысты, уый æнхъæл нæ уыдысты,
35фæлæ Дунедарæг израилæгтæн æххуыс
кодта Йæхæдæг. Уыцы бон сын израилæгтæ
се 'фсадæй амардтой фондз æмæ æхсæзыс-
сæдз мин гæрзифтонг хæстоны. 36Бениамины
байзæддæгтæм афтæ касти, цыма израи-
лæгтыл фæуæлахиз сты. Уыдон та сæ зæрдæ
дардтой, Гевæмæ хæстæг рæсæнуаты цы хæс-
тонтæ бабадт, уыдоныл æмæ фæстæмæ здæ-
хын райдыдтой. 37Рæсæнуаты цы хæстонтæ
бабадт, уыдон Гевæмæ бабырстой æмæ дзы
цъиуызмæлæг нал ныууагътой. 38Израилаг
хæстонтæ, рæсæнуаты чи бадти, уыдонимæ
ныхасгонд уыдысты, рæсæнуаты бадджытæ
сахары арт куы ссудзой, арты фæздæг арв-
мæ куы фæцæуа, 39уæд израилæгты æфсад
фæстæмæ аздæхдзæни, зæгъгæ. Бениамины
фæдонтæ ныридæгæн израилæгтæй дæс æмæ
ссæдзы бæрц амардтой æмæ сæм афтæ касти,
цыма та израилæгтæ, фыццаг хæсты куыд
уыдис, афтæ цагъды фесты. 40Уыцы рæстæг
сахары сæрмæ фæздæджы къуымбил ссыди.
Бениамины фæдонтæ фæстæмæ разылдысты
æмæ федтой: сахар судзы, æмæ йæ фæздæг
арвмæ фæцыди. 41Израилæгтæ фæстæмæ
сахары 'рдæм сæ ных сарæзтой. Бениами-
ны хæстонтæ фæтарстысты, уымæн æмæ
бамбæрстой, кæй сæ басастой, уый. 42Æмæ
израилæгтæй, æдзæрæг быдырмæ цы фæндаг
цыди, ууылты алыгъдысты. Израилæгтæ сæ
фæсте сурын байдыдтой. Израилæгты хæс-
тон къорд сахары 'рдыгæй рацыди æмæ, цы
хæстонтыл æрхъула кодтой, уыдоны цæгъ-
дын байдыдтой. 43Бениамины фæдонтыл
æртыхстысты æмæ сæ суанг æдзæрæг бы-
дырмæ, Гевæйы скæсæнварсмæ, фæсырдтой.
44Бениамины фæдонтæй фæхъуыдис æстдæс
мин адæймаджы. Иууылдæр уыдысты хъæ-
батыр хæстонтæ. 45Чи дзы аирвæзти, уыдон
та алыгъдысты æдзæрæг быдырмæ, Риммо-
ны къæдзæхмæ. Фæндæгтыл дзы израилæгтæ
фондз мины ныццагътой, суанг сæ Гидомы
онг фæсырдтой æмæ ма дзы ноджы дыууæ
мины амардтой. 46Уыцы бон Бениамины бай-
зæддæгтæй æдæппæтæй фæхъуыди фондз
æмæ ссæдз мин гæрзифтонг лæджы, иууыл-
дæр уыдысты хъæбатыр хæстонтæ.

47Бениамины фæдонтæ алыгъдысты æдзæ-
рæг быдырмæ, Риммоны къæдзæхы цурмæ.
Æхсæзсæдæ ма дзы аирвæзт æмæ цыппар
мæйы дæргъы уым фембæхстысты.

48Израилæгтæ фæстæмæ раздæхтысты,
Бениамины мыггаджы зæххытæм бабырстой
æмæ адæмæй, фосæй — се 'ппæты дæр
ныццагътой, хъæутæ та иууылдæр судзгæ
бакодтой.

**21** Израилæгтæ Мицпайы куы æрæмбырд
сты, уæд ард бахордтой: «Нæ чызджыты Бе-
ниамины мыггагæн моймæ нал ратдзыстæм».
2Уый фæстæ адæм ацыдысты Вефилмæ æмæ
бон-изæрмæ Дунедарæджы раз хъæрæй
фæкуыдтой. Уыдон дзырдтой: 3«О Дуне-
дарæг, Израилы Хуыцау! Ацы бæллæх ныл
цæй тыххæй æрцыди? Ныр Израил йæ иу
мыггагæй куы фæцух!»

4Дыккаг бон райсомæй израилæгтæ ны-
вондхæссæн сарæзтой, иууылсудзинаг ны-
вæндтæ æмæ фидыды нывæндтæ æрхастой.
5Адæм фарстой кæрæдзийы: «Дунедарæджы
раз куы æрæмбырд стæм, уæд Израилы хæ-
дзарвæндæгты 'хсæн, чи не 'рбацыдис, ахæм
разынди?» Афтæ та уымæн фарстой, æмæ
стыр ард бахордтой, Мицпамæ Дунедарæ-
джы раз æрлæууынмæ чи не 'рбацæуа, уыдо-
ны удæгасæй нæ ныууадздзыстæм, зæгъгæ.

6Израилæгтæ се 'фсымæртыл, Бениами-
ны мыггагыл, хъыг кодтой æмæ дзырдтой:
«Ныр Израил йæ иу мыггагæй куы фæцух!
7Чи ма дзы аирвæзт, уыдонæн устытæ кæм
ссардзыстæм? Мах Дунедарæджы раз сомы
куы ракодтам, нæ чызджыты сын моймæ нал
ратдзыстæм, зæгъгæ!» 8Кæрæдзийы фарстой:
«Израилы хæдзарвæндæгты 'хсæн, Мицпа-
мæ Дунедарæджы раз æрлæууынмæ чи не
'рбацыди, ахæм ис?» Фæстагмæ рабæрæг ис,
уыцы æмбырды Галаадæй, Иавешы сахарæй,
кæй ничи уыди, уый. 9Æгас æфсад банымад-
той, æмæ дзы Галаадæй, Иавешы сахарæй,
ничи разынди. 10Уæд Израилы дзыллæ уыцы
сахармæ дыууадæс мин хæстоны арвыстой
æмæ сын бафæдзæхстой: «Ацæут æмæ Га-
лаадаг Иавешы цæрджыты ныццæгъдут,
æд устытæ æмæ æд сывæллæттæ. 11Мæнæ
уын бардзырд: нæлгоймæгты се 'ппæты
дæр, стæй мойгонд сылгоймæгты иууылдæр
амарут æмæ æлгъыстаг фæкæнут».

12Галаадаг Иавешы разынди цыппарсæ-
дæ æнæцыд чызджы. Израилæгты рæсæн-
уат уыдис Ханааны, Силомы сахары, æмæ
чызджыты уырдæм акодтой. 13Уый фæстæ
Израилы дзыллæ, Бениамины фæдонтæй
Риммоны къæдзæхы цур чи бамбæхсти,
уыдонмæ минæвæрттæ арвыстой, бафи-
дауæм, зæгъгæ. 14Бениамины байзæддæг-
тæ сæ хæдзæрттæм æрыздæхтысты, æмæ
сын Галаады, Иавешы сахары, удæгасæй
кæй ныууагътой, уыцы æнæцыд чызджыты

моймæ радтой. Фæлæ чызджытæ се 'ппæты
фаг нæ уыдысты. [15]Адæм хъыг кодтой Бени-
амины мыггагыл. Дунедарæг сæ Израилы
иу мыггагæй фæцух кодта, [16]æмæ адæмы
хистæртæ сагъæсы бацыдысты: «Бениамины
мыггагæй ма чи аирвæзти, уыдонæн усты-
тæ цы хуызы ссарæм, сæ хæдзарвæндаджы
иу сылгоймаг дæр куынæуал баззад, уæд?»
[17]Æмæ загътой: «Бениамины фæдонтæй ма
чи аирвæзт, уыдонæн сæ зæхх хъуамæ сæ
хæдзарвæндаджы къухы баззайа, Израи-
лы хæдзарвæндæгтæй хъуамæ иунæг дæр
ма фесæфа. [18]Нæ чызджыты сын моймæ
раттын махæн нæ бон нæу, уымæн æмæ
израилæгтæ сомы ракодтой, йæ чызджы
Бениамины мыггагæй искæмæн чи рад-
та, уый æлгъыст уыдзæни, зæгъгæ». [19]Уый
фæстæ сæ зæрдыл æрлæууыди, Силомы
æрвылаз Дунедарæджы номыл куывд кæй
фæкæнынц, уый. Уыцы сахар ис Вефилæй
цæгатæрдæм, Левонайы сахарæн йæ хуссар-
варс, Вефил æмæ Шехемы астæу цы фæндаг
ис, уымæй та — скæсæны 'рдæм. [20]Адæмы
хистæртæ Бениамины фæдонтæн бафæ-
дзæхстой: «Ацæут Силоммæ æмæ сæндæтты
бамбæхсут. [21]Силомаг чызджыты кафгæ куы
фенат, уæд-иу разгъорут æмæ-иу сæм фæлæ-
бурут. Алчидæр дзы йæхицæн фæйнæ иуы
ракæнæд, æмæ-иу уый фæстæ Бениамины
зæхмæ раздæхут. [22]Сæ ныййарæг фыдтæ
æмæ нæм се 'фсымæртæ хъаст кæнынмæ
куы 'рбацæуой, уæд сын зæгъдзыстæм:
„Батæригъæд нын кæнут, ныууадзут нын
уæ чызджыты. Хæсты рæстæг нæ алкæ-
мæн ус ссарын нæ бантысти. Стæй кæд уæ
чызджытæ сæ къухы уæхи фæндонæй нæ
бафтыдысты, уæд тæригъæдджын не стут“».
[23]Бениамины байзæддæгтæ, куыд сын
загътой, афтæ бакодтой. Алчидæр дзы
йæхицæн скъæфт чызджытæй, кафгæ чи
кодта, уыдонæй, иуы ракодта æмæ сæ зæх-
хы хаймæ аздæхтысты. Сæ хъæутæ ногæй
рацарæзтой æмæ дзы æрцардысты. [24]Изра-
илæгтæ дæр сæ хæдзæрттæм фæцыдысты.
Алчидæр раздæхти йæ хæдзарвæндагмæ,
йæ мыггагмæ. Иууылдæр сæ зæххы хæйт-
тæм фæцыдысты.
[25]Уыцы заман Израилæн паддзах нæ уыди
æмæ алчидæр, раст æм куыд касти, афтæ
кодта.

# Руфы чиныг

Руфы хабар ӕрцыдис Израилы историйы тӕккӕ змӕстдӕр ӕмӕ уӕззаудӕр замантӕй иу – фӕтӕгты разамынды рӕстӕг, фӕлӕ, «Фӕтӕгты чиныг»-имӕ абаргӕйӕ, ам дзырдӕуы бинонты сабыр цардыл, стыр цауты кой дзы нӕй.

Чиныджы сӕйраг архайӕг у Руф – ӕрыгон сылгоймаг Моавы зӕххӕй. Моавӕгтӕ уыдысты Израилы знӕгтӕ, ӕмӕ сӕ байзӕддӕгтӕн израилаг адӕмы 'хсӕнмӕ цӕуыны бар нӕ уыди (кӕс «Фӕлхатгонд ӕгъдау», 28 сӕр). Фӕлӕ Руф смой кодта израилагмӕ, йӕ мойы амӕлӕты фӕстӕ та йе 'фсин Наомийыл ахӕм ӕнувыд разынди, ӕмӕ Наомийы адӕм, стӕй Наомийы Хуыцау уымӕн дӕр систы йӕ адӕм ӕмӕ йӕ Хуыцау.

Чиныджы кӕрон лӕвӕрд цӕуы Руфы байзӕддӕгты номхыгъд, ӕмӕ мах базонӕм, Руф Израилы тӕккӕ стырдӕр ӕмӕ кадджындӕр паддзах Давиды мадӕн йӕ мадымад кӕй уыдис, уый. Адӕймаг зӕрдиагӕй Хуыцауыл куы ӕууӕнда ӕмӕ Йӕ амындтытӕм гӕсгӕ куы цӕра, уӕд, цы адӕмӕй равзӕрд, уый ӕппындӕр ницы ахады.

---

**1** Фӕтӕгты заман иуахӕмы Израилы зӕх-
хыл скодта ӕххормаг рӕстӕг. Ӕмӕ иуде-
йаг Вифлеемӕй иу лӕг йӕ усимӕ ӕмӕ йӕ
дыууӕ фыртимӕ ацӕрынмӕ ацыди Моавы
быдырмӕ. 2Уыцы лӕг хуынди Елимелех, йӕ
усы ном – Наоми, йӕ фырттӕ та хуындыс-
ты Махлон ӕмӕ Килеон; уыдысты иудейаг
Вифлеемӕй, ефрафӕгтӕ. Ӕрбацыдысты
Моавы быдырмӕ ӕмӕ уым ӕрӕнцадысты.
3Уалынмӕ Наомийы лӕг Елимелех амарди,
ӕмӕ ус баззади йӕ дыууӕ фыртимӕ. 4Лӕп-
путӕ ракуырдтой моаваг чызджыты, сӕ
иуы ном уыди Орпа, иннӕйы ном та – Руф;
ӕмӕ уым дӕс азы бӕрц фӕцардысты. 5Фӕ-
лӕ уый фӕстӕ Наомийы фырттӕ дыууӕйӕ
дӕр – Махлон ӕмӕ Килеон – амардысты,
ӕмӕ сылгоймаг йӕ мой ӕмӕ йӕ фырттӕн
сӕ бынил баззади.

6Наоми бавдӕлд ӕмӕ йӕ чындзытимӕ
фӕстӕмӕ рараст ис Моавы быдырӕй, уымӕн
ӕмӕ, куыд ӕрыхъуыста, афтӕмӕй Хуыцау
ӕркасти йӕ адӕммӕ ӕмӕ сын хор радта.
7Наоми, кӕм царди, уырдыгӕй рацыди йӕ
дыууӕ чындзимӕ. Иудеймӕ фӕндагыл 8На-
оми йӕ чындзытӕн загъта: «Цӕут, алчидӕр
уӕ йӕ цӕгатмӕ аздӕхӕд. Сымах мӕ хъӕ-
бултӕн ӕмӕ мӕнӕн цас хӕрзты бацыдыстут,
Дунедарӕг уын уыйас хӕрзтӕ схай кӕнӕд!
9Дунедарӕг уын ахӕм арфӕ ракӕнӕд, ӕмӕ
уӕ алчидӕр йӕ ног мойы хӕдзары ӕнцой
куыд ссара». Ӕмӕ сын аба кодта, фӕлӕ
чындзытӕ ӕрдиаг систой ӕмӕ, кӕугӕйӕ,
загътой: 10«Нӕ! Мах дӕр демӕ цӕуӕм дӕ
адӕммӕ». 11Наоми та сын загъта: «Аздӕхут,
мӕ къонатӕ; цӕмӕн хъуамӕ ацӕуат мемӕ?
Исты ма, мыййаг, сымахӕн мой чи суаид,
ахӕм хъӕбултӕ ис мӕ гуыбыны? 12Аздӕхут,
мӕ къонатӕ, ацӕут; ӕз моймӕ фӕцӕуынӕн
ӕгӕр базӕронд дӕн. Ӕниу, ӕз афтӕ дӕр
куы зӕгъин: „Нырма мӕ ныфс ис“, ӕмӕ
тӕккӕ ахсӕв лӕгимӕ куы фӕуин ӕмӕ мын
уый фӕстӕ лӕпputӕ куы райгуырид, 13уӕд
дӕр уыдоны ралӕгмӕ хъуамӕ ӕнхъӕлмӕ
кӕсиккат? Кӕдмӕ бадат, куыннӕ хъуамӕ
смой кӕнат? Нӕ, мӕ къонатӕ, мӕ зӕрдӕ
уыл тынг риссы, уымӕн ӕмӕ мӕ Дунедарӕг
бафхӕрдта». 14Чындзытӕ та ногӕй нырдиаг
кодтой ӕмӕ ныккуыдтой. Орпа аба кодта йе
'фсинӕн ӕмӕ аздӕхти йӕ адӕммӕ, Руф та
баззади йемӕ.

15Наоми загъта Руфӕн: «Кӕсыс, дӕ фай-
нуст йӕ адӕммӕ, йӕ хуыцӕуттӕм аздӕхт;
ды дӕр дӕ файнусты фӕд-фӕд ацу». 16Фӕлӕ
Руф загъта: «Ӕвӕндонӕй дӕ цӕмӕн хъуамӕ
ныууадзон? Куыд хъуамӕ ацӕуон дӕуӕй?
Фӕлтау, ды кӕдӕм ацӕуай, ӕз дӕр уырдӕм
фӕцӕудзынӕн; ды кӕм ӕрӕнцайай, ӕз дӕр
уым ӕрӕнцайдзынӕн; дӕ адӕм суыдзысты
мӕ адӕм, дӕ Хуыцау та – мӕ Хуыцау. 17Ды
кӕм амӕлай, уым ӕз дӕр амӕлдзынӕн, ӕмӕ
мӕ уыцы ран баныгӕндзысты. Афтӕтӕ ӕмӕ
уфтӕтӕ, стӕй ма мын ноджы фыддӕртӕ
фӕуӕд Дунедарӕг, адзалӕй дарддӕр мӕ
исты куы фӕхицӕн кӕна дӕуӕй». 18Чындз

**1:2** Ефрафӕгтӕ – Иудӕйы хӕдзарвӕндагӕй иу мыггаг.
**1:8** Йӕ цӕгатмӕ; дзуттаг тексты: «йӕ мады хӕдзармӕ».
**1:11** Дзуттаг ӕгъдаумӕ гӕсгӕ ӕфсымӕр хъуамӕ ракуырдта-
ид йе 'фсымӕры идӕдзы.

фидарæй йемæ цæуынвæнд скодта, уый куы
федта Наоми, уæд уæлдай ницыуал загъта.
19Æмæ иумæ суанг Вифлееммæ фæцыдысты.
Вифлееммæ куы бахæццæ сты, уæд сахар
æнæхъæнæй дæр сызмæлыд, æмæ сылгой-
мæгтæ дзырдтой: «Уый Наоми уа?» 20Наоми
сын загъта: «Наоми мæ ма хонут, фæлæ мæ
хонут Мара, уымæн æмæ мын Æппæтхъомыс
судзаггаг маст бавзарын кодта. 21Ардыгæй
дзагармæй ацыдтæн, фæстæмæ та мæ аф-
тидæй æрбаздæхта Дунедарæг. Цæмæн мæ
хъæуы хонын Наоми, кæд æмæ мын Дуне-
дарæг хъизæмæрттæ бавзарын кодта, кæд
æмæ мæ ралгъыста Æппæтхъомыс».

22Афтæ Наоми йæ чындзимæ, моаваг Ру-
фимæ, æрбаздæхти Моавы бæстæй. Виф-
лееммæ куы æрбахæццæ сты, уæд уыди
хъæбæрхор кæрдыны афон.

**2** Наомийæн йæ лæджы ’рдыгæй, Елимелехы
мыггагæй, уыди хæстæг — бонджын æмæ
дзырддзæугæ лæг, йæ ном — Боаз. 2Моаваг
Руф загъта Наомийæн: «Уæд та хуыммæ
фæцæуин. Кæд мæм исчи дзæбæх цæстæй
ракæса, уæд йæ фæстæ æфсиртæ уидздзы-
нæн». Наоми йын дзуапп радта: «Фæцу, мæ
къона». 3Руф ацыд. Хуыммæ бахæццæ æмæ
хуымгæрдæг адæмы фæстæ æфсиртæ уыгъ-
та. Рауад афтæ, æмæ уыцы хуым разынди
Елимелехы хæстæг Боазы. 4Уæдмæ Боаз æр-
бацыди Вифлеемæй æмæ хуымгæрдджытæн
салам радта: «Дунедарæджы хорзæх уæ уæд!»
Уыдон ын дзуапп радтой: «Дунедарæг дын
раарфæ кæнæд!» 5Боаз йæ лæггадгæнæджы,
хуымгæрдджытæм цæстдарæджы, бафарста:
«Чи у ацы æрыгон сылгоймаг?» 6Уый йын
загъта: «Моаваг у, Наомиимæ æрбацыди
Моавы быдырæй. 7Хуымгæрдджыты фæс-
тæ цы æфсиртæ аззайы, уыдон уидзыны
бар ракуырдта. Æрбацыд æмæ сæумæйæ
нырмæ æнцой нæ зоны».

8Боаз загъта Руфæн: «Хъус-ма, мæ къона,
æндæр хуыммæ ма ацу уидзынмæ, фæлæ ам
лæуу, мæ сылгоймаг æххуырстытыл дæхи
бæтт. 9Хуымгæрдджытæ кæм кæрдынц, ууыл
дæ цæст хæсс æмæ сылгоймæгты фæстæ
уидз. Æз ме ’ххуырстытæн бафæдзæхсдзы-
нæн, æмæ дæ нæ бахъыгдардзысты. Куы
сдойны уай, уæд бацу æмæ, ме ’ххуырсты-
тæ цъайæ цы дон систой, ды дæр уымæй
нуаз». 10Руф йæ разы æрзоныг кодта æмæ
йæ бафарста: «Уагæр дын уый бæрц цæмæй
балхæдтон дæ зæрдæ, æмæ, кæд æндæрбæс-
таг дæн, уæддæр мæм де ’ргом раздахай?»
11Боаз ын дзуапп радта: «Дæ лæджы амар-
ды фæстæ де ’фсинæн цы хæрзты бацыдтæ,
уыдон мын иууылдæр радзырдæуыд. Зонын
æй: дæ фыды дæр, дæ мады дæр, дæ райгу-
ырæн бæстæ дæр ныууагътай æмæ, ныронг
кæй нæ зыдтай, уыцы адæммæ æрбацыдтæ.
12Уый тыххæй дын Дунедарæг Йæ хорзæх
раттæд; дæхи Йе ’вджид бакæнынмæ Кæмæ
æрбацыдтæ, уыцы Дунедарæгæй, Израилы
Хуыцауæй, дын æххæст хæрзиуæг уæд!»
13Руф загъта: «Бæргæ, амæй фæстæмæ дæр
дæ хорзæхæй хайджын куы разынин, ме
’лдар! Ныфсытæ мын бавæрдтай, æмæ дæ
ныхæстæй дæ цагъары зæрдæ барухс, аф-
тæмæй та дæ цагъайрагыл нымад уæвыны
аккаг дæр нæ дæн».

14Сихорафон ын Боаз загъта: «Рацу ардæм
æмæ къæбæр бахæр, туаг сæны дæр-иу æй
атул». Руф æрбадти хуымгæрдджыты фарс-
мæ. Боаз æм хъæбæрхоры цæкуытæ ралæ-
вæрдта; Руф бахордта, уæлдай дæр ма йæм
баззади. 15Куы сыстади æфсиртæ уидзынмæ,
уæд Боаз йе ’ххуырстытæн бафæдзæхста:
«Уадзут æй, æмæ куыристы æхсæн дæр уи-
дза, мачи йæ хъыгдарæд; 16дæстæгæй дæр
ын-иу аппарут æмæ-иу дзы фæуадзут, уадз
æмæ уидза, стæй йæ ма æфхæрут».

17Руф суанг изæрмæ æфсиртæ фæуыгъта
хуымы. Базгъæлдта сæ, æмæ дзы иу ефæйы
бæрц хъæбæрхор æрæвзæрди. 18Хор сахар-
мæ ахаста, æмæ йе ’фсин федта, цæйбæрц
æрæмбырд кодта, уый. Сихорæй йæм уæл-
дай цы баззади, уый систа Руф æмæ йæ йе
’фсинмæ балæвæрдта. 19Æфсин ын загъта:
«Кæм æмбырд кодтай абон æфсиртæ? Кæмæ
куыстай? Хуыцауы арфæ йыл сæмбæлæд, дæу
чи суазæг кодта!» Руф йе ’фсинæн радзырд-
та, кæм куыста, уый: «Абон кæмæ куыстон,
уыцы лæгæн йæ ном у Боаз». 20Наоми йæ
чындзæн загъта: «Дунедарæджы арфæ йыл
сæмбæлæд! Дунедарæджы хорзæх æгæстыл
дæр æмæ мæрдтыл дæр æххæссы». Æмæ йæ
ныхасмæ бафтыдта: «Æрвад нын æййафы —
махыл фæхæцын йæ хæс кæмæн у, уыцы
къабæзтæй». 21Моаваг Руф ын афтæ: «Боаз
мын ноджыдæр загъта: „Ме ’ххуырстытыл
дæхи бæтт, цалынмæ карст фæуой мæ хуым,
уæдмæ“». 22Наоми йæ чындз Руфæн загъта:
«Хорз, мæ къона, æгайтма уый сылгоймаг-æх-
хуырстытимæ кусдзынæ, науæд дæ, чи зоны,
æндæр хуымы æфхæрæг дæр разындаид».

23Афтæ Руф йæхи Боазы æххуырстытыл
баста, æмæ æфсиртæ уыгъта, цалынмæ

**1:20** Наоми дзуттагау амоны «зæрдæмæдзæугæ»;
Мара – «судзаггаг».

хъæбæрхор дæр æмæ мæнæу дæр карст фес-
ты, уæдмæ. Цæргæ та кодта йе 'фсинимæ.

**3** Иуахæмы Наоми загъта Руфæн: «Дæ амонд
куыд ссарай, афтæ дын къонайы мæт куы
бакæнин, уый мæ зæрды ис, мæ хъæбул.
2Уæртæ кæй æххуырстытимæ куыстай, нæ
уыцы хæстæг Боаз ахсæв мусы хъæбæрхор
дымгæмæ дары. 3Дæхи цынай, хæрздæф-
гæнæнтæй дæхимæ базил, дæ дзæбæхдæр
фæлыст скæн æмæ мусмæ фæцу. Æрмæст,
цалынмæ бахæра æмæ бануаза Боаз, уæд-
мæ йæм дæхи ма равдис. 4Кæм хуысдзæни,
уыцы бынат базон; бацу, дæлфæдты 'рдыгæй
йын йе 'мбæрзæныл схæц æмæ уым æрхуысс.
Йæхæдæг дын зæгъдзæни, цы гæнгæ у, уый».
5Руф ын дзуапп радта: «Цыдæриддæр мын
загътай, уый бакæндзынæн». 6Мусмæ фæцыд
æмæ йын йе 'фсин куыддæриддæр бафæ-
дзæхста, афтæ бакодта.
7Боаз бахордта æмæ бануæзта, йæ зæрдæ
бахъæлдзæг æмæ кæрийы цур бахуыссыди.
Руф æнæ уынæрæй бацыд, йæ дæлфæд-
ты 'рдыгæй йын йе 'мбæрзæныл схæцыд
æмæ æрхуыссыди. 8Æмбисæхсæвтыл фес-
тъæлфыди Боаз, рабадти, кæсы — æмæ йæ
дæлфæдтæм сылгоймаг хуыссы. 9Бафарста
йæ: «Кæцы дæ уый?» Сылгоймаг ын дзуапп
радта: «Руф дæн æз, дæ цагъар; дæ дæлба-
зыр мæ бакæн — хæстæг нын куы æййа-
фыс». 10Боаз загъта: «Дунедарæджы арфæ
дыл сæмбæлæд, мæ къона! Амæй размæ
фаг иузæрдион уыдтæ, ныр та ноджы иу-
зæрдиондæр разындтæ: хъæздыг уой æви
мæгуыр — æрыгон нæлгоймæгтæ агурыныл
не схæцыдтæ. 11Уæдæ афтæ, мæ къона: тæрс-
гæ ма кæн, цыдæриддæр загътай, уыдæттæ
дын сараздзынæн, уымæн æмæ хæрзæгъдау
сылгоймаг кæй дæ, уый нæ сахар иууылдæр
зонынц. 12Хæстæджытæ кæй стæм, уый раст
у, фæлæ дын мæнæй хæстæгдæр æрвад дæр
ис. 13Ныр уал бахсæвиуат кæн. Йæ хæс куыд
у, афтæ дæ йе 'вджид бакæныныл кæд сразы
уа уыцы къабаз райсом, уæд хорз; кæд æй
нæ бафæнда, уæд та дæ, сомы кæнын Ду-
недарæгæй, мæхи æвджид бакæндзынæн!
Амæй æрбабонмæ уал хуысс».
14Боазы дæлфæдтæм фæхуыссыди бо-
нивайæнтæм Руф æмæ, адæймаджы цæс-
гом базонæн нæма уыд, афтæ сæударæй
сыстад, уымæн æмæ Боаз ахъуыды кодта:
«Ацы сылгоймаг мусмæ æрбацыд, уый мачи
базонæд». 15Стæй йын ноджыдæр загъта:
«Рафтау-ма дæ уæлгуыр æмæ йæ æрбадар».
Руф æм æй бадардта, æмæ дзы Боаз æхсæз
мæрты хъæбæрхор сæвгæдта, сæккой йын
æй кодта, йæхæдæг сахармæ ацыд.
16Руф сæхимæ куы 'рбаздæхт, уæд æй йе
'фсин бафарста: «Цы бадæ, мæ къона?» Боаз
ын цы бакодта, уыдæттæ йын Руф иууылдæр
радзырдта. 17Ноджы ма загъта: «Мæнæ мын
хъæбæрхоры æхсæз мæрты радта, де 'фсин-
мæ афтидармæй ма ацу, зæгъгæ». 18Наоми
загъта: «Хъуыддаг йæхи бар ауадз; цæуыл
ахицæн уыдзæн, уымæ банхъæлмæ кæс, мæ
къона. Уыцы лæг хъуыддаг тæккæ абон æнæ
алыггæнгæ нæ фæуыдзæн».

**4** Боаз сахары кулдуары цурмæ рацыд
æмæ уым сбадти. Кæй кой кодта, уыцы æр-
вад иуафон йæ рæзты фæцæйцыд. Боаз æм
сдзырдта: «Раздæх æмæ сбад мæ фарсмæ».
Уый æрбаздæхт æмæ æрбадт. 2Боаз сахары
хистæртæй дæс лæгмæ фæдзырдта æмæ сын
загъта: «Ам æрбадут». Уыдон æрбадтысты.
3Уæд Боаз йæ хæстæгæн загъта: «Моавы
бæстæй чи æрбаздæхт, уыцы Наоми не 'рвад
Елимелехы зæххы хай уæй кæны. 4Хабар
дæуæн зæгъинагыл банымадтон: балхæн
æй — ам чи бады, уыдон æмæ дын мæ адæмы
хистæртæ æвдисæн уыдзысты. Кæд дæхимæ
æрвады хæс исыс, уæд æй балхæн. Кæд разы
нæ дæ, уæд мын æй зæгъ, æмæ йæ зонон; уы-
мæн æмæ йæ иннæты разæй дæуæн æмбæлы
балхæнын, дæ фæстæ та — мæнæн». Уый йын
дзуапп радта: «Æз æй балхæндзынæн». 5Боаз
дарддæр дзырдта: «Наомийæ зæхх куы бал-
хæнай, уæд моаваг Руф дæр дæуæн кургæ у,
йæ мард лæджы исбон йæ фæдонтæн куыд
баззайа, афтæ». 6Уæд ын йæ хæстæг дзуапп
радта: «Æрвады хæс мæхимæ райсын нæу
мæ бон — уæд мæхи мулк хæлæттаг фæуы-
дзæн. Ды райс уыцы хæс дæхимæ, мæнæн
мæ бон нæу».
7Æрвады хæс исыны, науæд исты ивыны
рæстæг Израилы кæддæр уыди ахæм æгъдау:
иу адæймаг-иу хъуамæ йæ дзабыр раластаид
æмæ йæ иннæмæ раттаид. Уый Израилмæ
нымад уыди фидыды æвдисæйнагыл. 8Æмæ
Боазæн йе 'рвад загъта: «Дæхæдæг æй бал-
хæн». Уыйадыл раласта йæ дзабыр æмæ йæм
æй балæвæрдта. 9Боаз хистæртæн æмæ, уым
чи уыди, уыцы æппæт адæмæн загъта: «Ныр
сымах æвдисæнтæ стут, Елимелехы мулк
æнæхъæнæй, стæй Килеон æмæ Махлоны
исбон æнæхъæнæй Наомийæ кæй балхæдтон,
уымæн. 10Ноджы ма курын Махлоны усы,
моаваг Руфы, дæр, йæ мард лæджы исбон
йæ фæдонтæн куыд баззайа, йæ ном та йе
'рвадæлты æмæ сахары цæрджыты 'хсæн

куыннæ фесæфа, афтæ; абон мын сымах
æвдисæнтæ фæут». 11 Кулдуары цур цы адæм
уыди, уыдон, стæй хистæртæ иууылдæр
иумæ дзуапп радтой: «Æвдисæнтæ стæм!
Дæ къæсæрыл цы сылгоймаг бахиздзæн,
уый, æгас Израил кæмæй рантысти, уыцы
Рахел æмæ Леайы фарнæй схайджын кæнæд
Дунедарæг! Ефрафæйы дын бирæ бантысæд,
дæ ном нæрæд Вифлеемы! 12 Дунедарæг дын
ацы æрыгон сылгоймагæй цы байзæддаг
ратдзæн, уымæй дæ хæдзар, Тамар Иудæ-
йæн кæй ныййардта, уыцы Парецы хæдзары
хуызæн суæд».
13 Боаз ракуырдта Руфы. Æмуат æрцы-
дысты, æмæ Дунедарæджы фæндæй Руф
банхъæлцау, лæппу йын райгуырди. 14 Æмæ
сылгоймæгтæ Наомийæн дзырдтой: «Ар-
фæгонд уæд Дунедарæг, æгайтма дæ æнæ
бындарæй нæ ныууагъта! Йæ ном скадджын
уæд Израилы! 15 Зæрдæрухсы хос дын уы-
дзæн, дæ зæронды бонты та æнæ дарæгæй
нæ баззайдзынæ, уымæн æмæ йæ дæ чындз,
чи дæ уарзы, уыцы чындз ныййардта — авд
фыртæй дæр дын хуыздæр чи у!»
16 Наоми сабийы йæ хъæбысмæ райста æмæ
йæ хъомыл кодта. 17 Сыхы сылгоймæгтæ йыл
ном сæвæрдтой — Овед. Уыдон дзырдтой:
«Наомийæн лæппу райгуырди». Овед у Йес-
сейы, Давиды фыды, фыд.
18 Мæнæ уын Парецы хæдзарвæндаг: Паре-
цæй райгуырд Есром; 19 Есромæй райгуырд
Рам; Рамæй райгуырд Аминадав; 20 Ами-
надавæй райгуырди Нахшон; Нахшонæй
райгуырди Салмон; 21 Салмонæй райгуырди
Боаз; Боазæй райгуырд Овед; 22 Оведæй рай-
гуырд Йессей; Йессейæ райгуырди Давид.

# Фыццаг чиныг

# Паддзахæдтæ

«Паддзахæдты фыццаг чиныг» — афтæ хуыйны рагон бердзенаг тæлмацы, дзуттагау та — «Самуелы фыццаг чиныг». Дзуттаг традицийы Паддзахæдты 1-аг æмæ 2-аг чингуытæ хуыйнынц «Самуелы чингуытæ», уымæн æмæ уыдоны ныхас цæуы Самуелы райгуырдыл æмæ, Израилы адæмы историйы цы бынат ахсы, ууыл. Уый уыдис Хуыцауы пехуымпар æмæ Израилы фæстаг фæтæг. Чиныджы фыццаг сæрты (1–7) æвдыст цæуы Самуелы цард — Израилы адæмæн разамынд куы лæвæрдта, уыцы заман. Уый нæдæр паддзах уыди, нæдæр алчер, фæлæ Хуыцауы фæдзæхстытæ, йæхи бинонты цардæн дæр чи ницы зыдта, йæ фырттæ Æгъдау куы хæлдтой, уæд уыдоныл дæр йæ бон кæмæн нæ цыдис, уыцы Елиайæ хуыздæр æххæст кодта. Фæлæ ныхасы сæр Самуел нæ, фæлæ уый паддзахæн кæй байсæрста (уыцы æгъдау нысан кодта, адæймаг сæрмагонд лæггадæн нывондгонд кæй у, уый), Израилы уыцы фыццаг паддзæхтæ сты. Чиныджы 8–15 сæрты дзырдæуы паддзахы разамынд æрæвæрдыл, знæгты ныхмæ хæстытыл. Израилы фыццаг паддзах Саул Хуыцауы адæмы сæргъы лæууын аккаг кæй нæу, уый рабæрæг ис цыбыр рæстæгмæ. Уæд Хуыцау фæсидти Самуелмæ, цæмæй уый паддзахæн байсæрда æвзонг фыййау Давиды. Израилы дарддæры истори æнгом баст уыдзæни Давидимæ.

Фæлæ Давид паддзахиуæг кæнын уайтæккæ нæ райдыдта, раздæр уал лæггад кодта паддзах Саулы галуаны, стæй йын Саулæй лидзгæ куы фæци, уæд йæхи бафæсвæд кодта (16–30 сæртæ). Кæд Давид Хуыцауы æвзæрст паддзах уыдис, уæддæр йæ бон нæ уыди паддзахы бынат лæгдыхæй бацахсын — хъуамæ банхъæлмæ кастаид, цалынмæ Саул йæ цардæй ахицæн уа, уæдмæ. Фыццаг чиныг фæвæййы, Саул Хуыцауыл йæхи куыд атигъ кодта, йе 'ргом кæлæнтæм куыд аздæхта æмæ йæхæдæг дæр æмæ йæ фырттæ дæр хæсты куыд фæмард сты, уыцы цауæй (31 сæр).

---

**1** Ефремы хæхбæсты, Раматаим-Цофимы
сахары, царди иу лæг, ефремон, йæ ном — Ел-
кана. Йæ фыд Йерохам уыди Елигуйы фырт,
Елигуйы фыд Тоху — Цуфы фырт. 2Елканайæн
уыди дыууæ усы: сæ иуæн йæ ном — Аннæ,
иннæмæн — Пениннæ. Пениннæйæн уыди
сывæллæттæ, Аннæйæн та зæнæг нæ цыди.
3Лæг-иу алы аз дæр йæ сахарæй араст ис Си-
ломмæ, цæмæй Уæларвæфсады Бардарæгмæ
скува æмæ Йын нывонд æрхæсса. Уым Дуне-
дарæджы сауджынтæ уыдысты Елиа æмæ йæ
дыууæ фырты, Хофни æмæ Пинхас. 4Елкана-иу
нывонд куы 'рхаста, уæд-иу дзы хæйттæ бакод-
та йæ бинойнаг Пениннæйæн æмæ Пениннæ-
йы лæппутæ æмæ чызджытæн се 'ппæтæн дæр.
5Аннæйæн-иу радта сæрмагонд хай, уымæн
æмæ йæ фылдæр уарзта, кæд ын Дунедарæг
зæнæг нæ лæвæрдта, уæддæр. 6Йе 'мыджыр
та йыл æфхæрынæй нæ ауæрста, мæстæй йæ
мардта, Дунедарæг ын зæнæг кæй нæ радта,
уый тыххæй. 7Афтæ уыди æрвылаз дæр: Аннæ-
иу Дунедарæджы хæдзармæ куы ссыди, уæд
æй Пениннæ æнæ бафхæргæ никуы ныууагъта.
Иуахæмы та Аннæ куыдта, йæ дзыхмæ
комдзаг нал иста, 8æмæ йын Елкана, йæ
сæрыхицау, загъта: «Аннæ! Цæуыл кæуыс?
Фынгмæ цæуылнæ æвналыс? Цы маст дæ
бацыди? Исты дын æз дæс фыртæй дæр ад-
джындæр нæ дæн?»
9-10Силомы куывдæй куы сыстадысты, уæд
Аннæ, кæугæйæ, йæ фыр тыхстæй Дунеда-
рæгмæ кувын райдыдта. Ныр сауджын Елиа
та Дунедарæджы Уаз Цæрæны дуары раз
бандоныл бадти. 11Аннæ расомы кодта: «Уæ-
ларвæфсады Бардарæг! Дæ цагъары хъизæ-
мармæ куы 'ркæсай, куынæ Дæ ферох уа Дæ
цагъар æмæ йын тырын куы ралæвар кæнай,
уæд æй Дунедарæгæн снывонд кæндзынæн.
Цæргæ-цæрæнбонты уыдзæни Дæу, æмæ
йæ сæрыл сæрдасæн никуы андзæвдзæн».
12Дунедарæгмæ куывта æмæ куывта, Елиа
та йæм касти. 13Аннæ дзырдта йæ мидзæр-
дæйы, æмæ йæ былтæ змæлыдысты, фæлæ
йæ хъæлæс нæ хъуысти, æмæ Елиамæ расы-
джы хуызæн фæкаст. 14Æмæ йын загъта Елиа:
«Расыгæй ма ам бирæ лæудзынæ? Ацу æмæ

баулæф». [15]Аннæ йын дзуапп радта: «Нæ,
ме 'лдар, æз сæн дæр нæ बануæзтон æмæ
махсымæ дæр. Фыр адæргæй цы акæнон,
уый нæ зонын æмæ мæнæ Дунедарæгæн
мæ риссæгтæ дзурын. [16]Дæ цагъарыл дæ
зæрдæ ма фæхудæд — мæ маст æмæ мæ
хъыг мæ хуылфы нал цæуынц, æмæ мын
банцайæн уымæн нал уыди». [17]Елиа йын
загъта: «Цу фарнимæ. Израилы Хуыцаумæ
дæ куывд фехъуысдзæн æмæ дын, цы курыс,
уый ратдзæн». [18]Аннæ загъта: «Дæ хорзæхæй
хайджын куы фæуаид дæ цагъар!» Сæхимæ
рацыди, хæринаг бахордта æмæ уæдæй фæс-
тæмæ æрхæндæг нал уыд.

[19]Райсомæй раджы сыстадысты, скуывтой
Дунедарæгмæ æмæ сæхимæ, Рамайы сахар-
мæ, аздæхтысты. Елкана йæ ус Аннæимæ
æмуат æрцыди. Дунедарæджы зæрдыл лæу-
уыд Аннæ, [20]æмæ Аннæ банхъæлцау ис. Йæ
арыны афон куы æрцыд, уæд ын райгуырди
лæппу, æмæ йыл сæвæрдта ном Самуел, уы-
мæн æмæ дам æй Дунедарæгæй ракуырдтон.

[21]Елкана йæ бинонтимæ ссыди Дунеда-
рæгæн æрвылазы нывонд æмæ сомыйы ны-
вæндтæ æрхæссынмæ. [22]Аннæ та нæ ацыди.
Йæ мойæн загъта: «Саби риуæй иртæст куы
'рцæуа, уæд æй мæхæдæг фæхæццæ кæндзы-
нæн Дунедарæджы размæ, æмæ уыйадыл
уым баззайдзæн». [23]Елкана йын загъта: «Дæ
бар дæхи. Лæуу уал, дзидзи йын цалынмæ
дарыс, уæдмæ. Дунедарæгæн цы дзырд рад-
тай, уый Йын фæндон уæд».

Сылгоймаг баззади хæдзары æмæ хаста
йæ лæппуйы, цалынмæ дзидзидай уыди,
уæдмæ. [24]Риуæй иртæст куы æрцыди саби,
уæд йемæ ацыди Силоммæ. Йемæ ракодта
æртæаздзыд гал, райста ссады иу ефæ æмæ
сæны лалым, æмæ афтæмæй ссыдысты Дуне-
дарæджы хæдзармæ. Лæппу нырма æнахъом
уыди. [25]Гал акусарт кодтой æмæ лæппуйы
Елиайы размæ бакодтой.

[26]Аннæ загъта: «Ме 'лдар цæра, æз, ацы
ран чи лæууыд æмæ Дунедарæгмæ чи ку-
ывта, уыцы сылгоймаг дæн. [27]Мæнæ Йæм
ацы сабийы тыххæй куывтон, æмæ мын æй
Дунедарæг радта. [28]Ныр та мæ рад у, æмæ
Йын æй дæттын: цард-цæрæнбонтæм Ду-
недарæджы у».

Æмæ лæппу Дунедарæджы раз æрзоныг
кодта уым.

**2** Аннæ кувын райдыдта æмæ загъта:

«Дунедарæг мын барухс кодта
    мæ зæрдæ,
мæ сыкъа мын бæрзонд систа.
Мæ фыдгултыл
    мæхи худæгæй хæссын,
цин кæнын,
    кæй мæ фервæзын кодтай, ууыл.
[2] Дунедарæгæй уаздæр ничи у,
никæй ис абарæн Демæ.
Нæ Хуыцау у къæдзæх,
Уый хуызæн никуы ис.
[3] Схъæл ныхæстæ ныууадзут,
къæйных ныхас
    ма схауæд уæ дзыхæй, —
Дунедарæг алцызонæг Хуыцау у,
алы хъуыддагæн дæр
    аргъгæнæг Уый у.

[4] Хъæбатыртæн се 'рдын асасти,
æнæбонтæм тых фегуырди.
[5] Æфсæст чи уыди —
    къæбæрыл кусынц,
æххормаг чи уыди —
    уыцы сæр сæ нал хъæуы.
Æнæзæнæг ныййардта авд хъæбулы,
бирæзæнæгджын та иунæгæй 'руайы.
[6] Дунедарæг амары æмæ райгас кæны,
Мæрдтыбæстæм барвиты
    æмæ фæстæмæ ракæны.
[7] Дунедарæг смæгуыр кæны
æмæ сбонджын кæны,
æрныллæг кæны
    æмæ сбæрзонд кæны.
[8] Рыджы астæуæй
    мæгуыр лæджы фелвасы,
бырæтты цæндæй — гæвзыччы,
уæздæттимæ сæ æрбадын кæны,
кады бадæнмæ сæм басиды.
Дунедарæджы бар сты
    зæххы цæджындзтæ,
дуне кæуыл æрцарæзта, уыдон.
[9] Иузæрдионты фæндаг
    Йæ фæдзæхст у,
фыдгæнджытæ та фесæфдзысты тары,
уымæн æмæ лæгæн
    йæхи хъомыс ницы у.
[10] Дунедарæг ныссæрфдзæн
    Йæ фыдгулты,
уæлæрвтæй сыл ныннæрдзæн.
Дунедарæг тæрхонгæнæг у
    зæххы цъарæн
йæ иу кæронæй йæ иннæ кæронмæ.
Уый Йæ паддзахæн
    йæ тыхыл æфтауы,
Йæ байсæрстæн Уый хъомыс дætты».

**1:19** Рама – сахар Раматаим-Цофаимы цыбыр ном.
**2:1** Сыкъа – тых æмæ хъомысы нысан Библийы.

11Елкана ацыди Рамамæ, йæ хæдзармæ,
лæппу та сауджын Елиамæ баззади Дуне-
дарæгæн лæггад кæнынмæ. 12Елиайæн йæ
фырттæ æнаккаг уыдысты. Дунедарæгмæ
се 'ргом не здæхтой, 13сауджынтæм адæмы
раз цы хæстæ хауы, уыдон ницæмæ дард-
той. Исчи нывонд æрхаста æмæ ныридæгæн
дзидзатæ уæларт фыцынц, зæгъгæ, уæд-иу
сауджыны лæггадгæнæг æртыкъахыг фы-
дисимæ æрбацыд, 14ауагъта-иу æй аджы,
дурыны кæнæ алгъацы, æмæ-иу цæуылдæ-
риддæр фæхæст ис, уыдон-иу сауджын йæ-
хицæн айста. Афтæ кодтой Елиайы фырттæ,
Силоммæ сæм чи цыди, уыцы израилæгтæй
алкæмæн дæр. 15Æгæрыстæмæй-иу нывон-
дæн йæ фиу дæр нæма басыгътой, афтæ-иу
æрбацыди сауджыны лæггадгæнæг æмæ-иу
загъта нывонд æрхæссæгæн: «Æри-ма фы-
дызгъæл сауджынæн физонæгæн. Фыхæй
йæ нæ хъæуы, фæлæ хомæй». 16Æмæ-иу
лæггадгæнæгæн афтæ чи загъта, уадз æмæ
уал раздæр фиу сыгъд æрцæуа, стæй уæд
ахæсдзынæ, цыдæриддæр дæ хъæуы, уый,
зæгъгæ, уымæн-иу уый афтæ: «Нæ, ныртæк-
кæ æри, науæд æй мæхæдæг райсдзынæн».
17Æрыгон сауджынтæ Дунедарæджы раз
цыдысты стыр тæригъæды, уымæн æмæ
Йын афтæмæй Йæ номыл хаст нывæндтæ
æгад кодтой.
18Самуел та лæггад кодта Дунедарæджы
хæдзары æмæ, кæд нырма æвзонг уыди,
уæддæр дардта ефод, гæнæй уафт хъуыма-
цæй. 19Йæ мад-иу ын алы аз дæр бахуыдта
чысыл пæлæз æмæ-иу ын æй схаста, йæ
моимæ-иу æрвылазы нывонд æрхæссынмæ
куы ссыдысты, уæд. 20Æмæ-иу Елиа Елкана
æмæ йæ бинойнагæн арфæ ракодта: «Дуне-
дарæгæн цы саби радтай, уый ныхмæ ма дын
Дунедарæг ацы сылгоймагæй цот рауадзæд».
Æмæ-иу стæй сæ хæдзармæ аздæхтысты.
21Дунедарæг æркаст Аннæмæ, æмæ та ус
банхъæлцау ис. Ныййардта ма æртæ лæппу
æмæ дыууæ чызджы. Ныр æвзонг Самуел
та хъомыл кодта Дунедарæджы хæдзары.
22Елиа æрзæронд ис. Йæ хъустыл-иу æрцы-
ди, йæ фырттæ Израилы адæмæн цы митæ
кодтой, уый, ноджы ма, Фембæлды Цатыры
къæсæрмæ цы лæггадгæнæг сылгоймæгтæ
уыд, уыдонимæ-иу кæй æрæмуат сты, уый
дæр. 23Æмæ сын загъта: «Цæмæн афтæ кæ-
нут? Уæ худинаджы хабæрттæ уын æппæт
адæмæй дæр куы хъусын. 24Нæ, мæ фырттæ,
уыцы хъуыддæгтæ хорз не сты. Æз зонын,
Дунедарæджы адæм сæ дзыхæй-дзыхмæ
кæй исынц, уый. 25Адæймаг адæймаджы раз
куы фæтæригъæдджын уа, уæд ын, чи зоны,
æмæ Хуыцау ныххатыр кæна, фæлæ адæймаг
Дунедарæджы раз куы фæтæригъæдджын уа,
уæд та йын чи ныххатыр кæндзæн?» Фæлæ
фырттæ сæ фыды уайдзæф ницæмæ æрдард-
той, уымæн æмæ сæ Дунедарæг ралгъыста.
26Æвзонг Самуел та куыд хъомыл код-
та, афтæ йыл тынгдæр радысты Дунедарæг
æмæ адæм.
27Елиамæ æрцыди Хуыцауы æрвыст лæг
æмæ йын загъта: «Афтæ зæгъы Дунедарæг:
дæ хæдзарвæндаджы фыдæлтæн, далæ ма
Мысыры фараонæн цагъартæ куы уыдысты,
уæд Мæхи нæ раргом кодтон, æви? 28Израи-
лы æппæт хæдзарвæндæгтæй Мæхицæн дæ
фыдæлты равзæрстон сауджынтæй, цæмæй
Мын Мæ нывондхæссæныл хæссой нывæнд-
тæ, судзой Мын буд æмæ-иу Мæ разы хæрд-
мæ сисой ефод. Израилæгтæ цыдæриддæр
хуынтæ хæссынц, уыдон бакодтон дæ фы-
дæлты бæрны. 29Уæдæ ма, Мæ Хæдзармæ
цы нывæндтæ æмæ цы хуынтæ хæссын ба-
фæдзæхстон, уыдон та уæ къæхтæй цæмæн
ссæндут? Дæ фыртты Мæнæй уæлдæр цæ-
мæн сæвæрдтай? Фæйнæрдæм фæцыдыстут,
Израилы, Мæ адæмы, нывæндты хуыздæр
хæйттæй уæхи æфсадгæйæ! 30Дунедарæг,
Израилы Хуыцау, зæгъы, Æз дын зæрдæ
бавæрдтон: дæ хæдзар æмæ Мын дæ мыггаг
æнусмæ кæндзысты лæггад. Фæлæ нырæй
фæстæмæ уымæн уæвæн нал ис! — зæгъы Ду-
недарæг. Аргъуыц Мæ чи кæны, Æз уыдоны
сбæрзонд кæндзынæн, чи Мæ нæ нымайы,
уыдоны та æрныллæг кæндзынæн! 31Æрхæс-
тæг кæны, дæ рахиз цонг — дæ бинонты нуар
дын цы бон атæхын кæндзынæн, уый: дæ
цотæй зæронды кармæ ничи фæцæрдзæн!
32Хæлæггæнгæ кæсдзынæ Израилы амондмæ,
уымæн æмæ дæ хæдзаронтæй зæры бонмæ
ничиуал хæсдзæн. 33Мæ нывондхæссæнæй
нæ фæиртасдзынæн дæ байзæддаджы — уым
баззайдзысты, цæмæй дæ цæсты рухс батар
уа мастæй æмæ дæ зæрдæ рисса. Се 'ппæт
дæр мæлдзысты сæ тæккæ лæджы кары.
34Мæнæ дын æвдисæйнаг: дæ фырттæ дыу-
уæйæ — Хофни æмæ Пинхас — уыцы иу бон
амæлдзысты. 35Æз та Мæхицæн сæвæрдзы-
нæн иузæрдион сауджын, Мæ фæндон Мын
чи æххæст кæна, ахæм. Æз ын даргъ-уæрæх
ауадздзынæн йæ хæдзарвæндаг, æмæ æнусмæ
лæггад кæндзæни Мæ байсæрст паддзахæн.
36Дæ хæдзаронтæй ма сæрæгасæй чи баззайа,

**2:28** Ритуалон архайд, нывонд хæсгæйæ. Ноджы ма æмбæлы:
14:3, 22:18.

уыдонæй-иу алчидæр æрбацæудзæн æмæ Мæ
сауджыны раз æрзоныг кæндзæн æвзисты мур
кæнæ дзулы къæбæры тыххæй æмæ-иу ын
зæгъдзæн: „Исты сауджынлæггадыл мæ баф-
тау, цæмæй мæхицæн къæбæр самал кæнон“».

**3** Ævзонг Самуел Елиайæн æххуыс кодта
æмæ афтæмæй лæггад кодта Дунедарæгæн.
Уыцы заман арæх нæ хъуысти Дунедарæджы
ныхас, Йæхи æргом кодта стæм хатт.
2Иу хатт Елиа хуыссыди йæ уаты. Йæ цæс-
тырухс мынæг кæнын райдыдта, гæзæмæ ма
уыдта. 3Самуел дæр хуыссыди Дунедарæджы
кувæндоны, Хуыцауы Фидыды Чырын кæм
уыди, уым. Кувæндоны цырагъ ма судзгæ
кодта. 4Дунедарæг фæсидти Самуелмæ, æмæ
уый дзуапп радта: «Мæнæ дæн!» 5Елиамæ
бауад æмæ йын загъта: «Дзырдтай мæм,
æмæ мæнæ дæн!» Фæлæ йын уый дзуапп
радта: «Æз дæм нæ дзырдтон. Цу фæстæмæ
æмæ схуысс». Самуел ацыд æмæ схуыссыд.
6Дунедарæг та йæм ногæй фæсидти. Са-
муел сыстад, Елиамæ бацыд æмæ та йын
загъта: «Дзырдтай мæм, æмæ мæнæ дæн!»
Уый йын дзуапп радта: «Æз дæм нæ дзырд-
тон, мæ хъæбул. Цу фæстæмæ æмæ схуысс».
7Уæд Самуел Дунедарæджы нæма зыдта,
Дунедарæджы дзырд ын нæма раргом.
8Дунедарæг та йæм æртыккаг хатт дæр
фæсидти. Самуел сыстад, Елиамæ бацыд
æмæ та загъта: «Дзырдтай мæм, æмæ мæ-
нæ дæн!» Уæд Елиа бамбæрста, лæппумæ
Дунедарæг кæй дзырдта, уый, 9æмæ загъта
Самуелæн: «Ацу фæстæмæ æмæ схуысс. Куы
ма дæм дзырдæуа, уæд-иу зæгъ: „Дзур, Ду-
недарæг, хъусы Дæм Дæ цагъар“». Самуел
ацыд æмæ йæ бынаты схуыссыд.
10Дунедарæг æрбацыди, æрлæууыд æмæ та
ногæй фæсидти: «Самуел! Самуел!» Самуел
дзуапп радта: «Дзур, хъусы Дæм Дæ цагъар».
11Дунедарæг загъта Самуелæн: «Израилы Æз
ахæм хъуыддаг саразынмæ хъавын, æмæ
йæ чи фехъуса, уымæн йæ дыууæ хъусы
дæр ныззардзысты. 12Уыцы бон Æз сæххæст
кæндзынæн, Елиайæн йæ хæдзарвæндаджы
тыххæй цыдæриддæр загътон, уыдон кæ-
рæй-кæронмæ. 13Æз ын загътон, Мæ азарæй
йæ хæдзар мыггагмæ кæй бабын уыдзæн,
уый, уымæн æмæ Елиа азымджын у: уый
зыдта, йæ фырттæ се ’нæгъдау митæй Ху-
ыцауы кæй æгад кæнынц, уый æмæ сæ нæ
урæдта. 14Уымæ гæсгæ Æз ард бахордтон,
Елиайы хæдзарвæндаджы тæригъæдтæ
барст кæй никуы æрцæудзысты — нæдæр
нывæндтæ, нæдæр хуынты фæрцы».
15Самуел та схуыссыд. Райсомæй байгом
кодта Дунедарæджы хæдзары дуæрттæ. Ду-
недарæгæй цы фехъуыста, уый нæ уæндыд
Елиайæн схъæр кæнын, 16фæлæ Елиа Саму-
елмæ фæдзырдта: «Самуел, мæ хъæбул!» Уый
дзуапп радта: «Мæнæ дæн!» 17Елиа загъта:
«Цы дын загъта? Ма йæ басусæг кæн, зæгъ
мын æй. Афтæтæ æмæ уфтæтæ, стæй ма
дын ноджы фыддæртæ фæуыдзæни Хуы-
цау, цы дын загъта, уыдонæй мæ исты куы
бамбæхсай, уæд». 18Самуел ын æппæт дæр
радзырдта, ницы дзы бамбæхста. Уæд Елиа
загъта: «Уый Дунедарæг у, æмæ Йæ зæрды
цы ис, уый æххæст кæны».
19Самуел ралæг ис, æмæ Дунедарæг уыд
йемæ: Самуел цыдæриддæр загътаид — æр-
цыди-иу. 20Æмæ Данæй суанг Беер-Шевæйы
онг æппæт Израил дæр базыдта, Дунеда-
рæг Самуелы Йæхицæн пехуымпарæй кæй
равзæрста, уый. 21Уæдæй фæстæмæ йæм
Дунедарæг Йæхи дарддæр дæр æргом код-
та Силомы.

**4** Самуелы дзырд ахадыдта æппæт Изра-
илы дæр.
Уыцы рæстæг филистимæгтæ æрæмбырд
сты Израилимæ схæцынмæ. Израилæгтæ
дæр рацыдысты сæ ныхмæ æмæ рæсæнуат
æркодтой Евен-Езеры рæбын. Ныр филисти-
мæгты рæсæнуат та Афекы цур уыди. 2Фи-
листимæгтæ æрлæууыдысты израилæгты
ныхмæ, æмæ сын тох бацайдагъ. Израи-
лæгтæ дæрæнгонд æрцыдысты, тохы быды-
ры сæ фæмард цыппар мин лæджы. 3Адæм
сæ рæсæнуатмæ куы æрбаздæхтысты, уæд
Израилы хистæртæ загътой: «Дунедарæг
нæ абон филистимæгты къухæй цæмæн
ныддæрæн кодта? Цæй æмæ Дунедарæджы
Фидыды Чырын рахæссæм Силомæй, цæ-
мæй Уый немæ уа æмæ нæ ирвæзын кæна
не знæгтæй».
4Адæм арвыстой Силоммæ æмæ Фидыды
Чырын, йæ сæрмæ херувимтыл — Уæлар-
вæфсады Бардарæг, уырдыгæй æрбахастой.
Хуыцауы Фидыды Чырынимæ æрбацыдыс-
ты Елиайы дыууæ фырты дæр, Хофни æмæ
Пинхас. 5Дунедарæджы Фидыды Чырын
Израилы рæсæнуатмæ куы ’рбахæццæ ис,
уæд адæмæн сæ цины хъæр афтæ тынг
ныййазæлыд, æмæ зæхх ныррызти. 6Уый
фехъусгæйæ, филистимæгтæ скатай сты:
«Цæй цины хъæр хъуысы уый дзуттæгты
рæсæнуаты ’рдыгæй?»
Дунедарæджы Фидыды Чырын Израилы
рæсæнуаты ис, уый куы базыдтой, 7уæд

филистимæгтæ старстысты æмæ загътой:
«Сæ Хуыцау сæм сæ рæсæнуатмæ æрцы-
ди! Додойаг нæ сæртæ! Ныронг ахæм хабар
никуыма æрцыд. 8Додойаг нæ сæртæ! Уы-
цы хъомысджын Хуыцауы къухæй нæ чи
аирвæзын кæндзæн? Уый, мысырæгтыл
æдзæрæг быдыры Йæ бæллæх Чи сæвæрдта,
уыцы Хуыцау у. 9Фидар лæуут æмæ уе 'хсар
равдисут, филистимæгтæ, æмæ дзуттæгтæн
сæ цагъартæ ма суат, уыдон сымахæн цагъар
куыд сты, афтæ. Семæ тохы бацæут — уæ
лæджыхъæд æмæ уæхæдæг!»

10Филистимæгтæ схæцыдысты, æмæ из-
раилæгтæ дæрæнгонд æрцыдысты. Бирæ
дзы фæцагъды: сæ фистæг æфсадæй бабын
ис дæс æмæ ссæдз мины, удæгасæй ма чи
аирвæзт, уыдон та сæ хæдзæрттæм фæлыгъ-
дысты. 11Хуыцауы Фидыды Чырын знаджы
къухмæ бахауд, Елиайы дыууæ фырты та —
Хофни æмæ Пинхас — мард фесты.

12Уыцы бон Бениамины хæдзарвæндагæй
иу лæг тохы быдырæй фæцагайдта æмæ
тæккæ уыцы бон Силомы балæууыд, йæ
дарæс — скъуыдтæ, йæ сæр рыгæй нал зын-
ди, афтæмæй. 13Елиа фæндаггæрон бадти
йæ бандоныл. Йæ цæстытæ фæндагæй нæ
иста, уымæн æмæ Хуыцауы Фидыды Чы-
рынмæ йæ зæрдæ тынг æхсайдта. Уыцы
лæг сахары адæмæн хабар фехъусын кодта,
æмæ адæм нырдиаг кодтой. 14Елиа кæуын
куы фехъуыста, уæд скатай ис: «Цæй хъæр-
хъæлæба у уый?»

Уалынджы уыцы лæг йæ уæлхъус æр-
лæууыди, цæмæй йын хабæрттæ радзура.
15Елиайыл æстдæс æмæ цыппарыссæдз азы
цыди, йæ цæсты рухс бамынæг æмæ ницы-
уал уыдта. 16Хабархæссæг Елиайæн загъта:
«Тохы быдырæй æрбахæццæ дæн, тæккæ
абон ралыгътæн уырдыгæй». Елиа бафарста:
«Цы 'рцыди, мæ хъæбул?» 17Хабархæссæг дзу-
апп радта: «Израилы æфсад лидзæг фесты
филистимæгтæй, фæцагъды сты нæ адæм,
дæ дыууæ фырты — Хофни æмæ Пинхас —
фæмард сты, Хуыцауы Фидыды Чырын та
знаджы къухмæ бахауд».

18Фидыды Чырыны коймæ Елиа йæ бан-
донæй кулдуары цур уæлгоммæ ахауди. Уы-
йадыл уæззау зæронд лæгæн йæ бæрзæй
асаст æмæ амарди. Израилæн дыууиссæдз
азы дæргъы сæ фæтæг уыд.

19Йæ чындз, Пинхасы бинойнаг, æнхъæл-
цау уыди æмæ абон-райсом кодта. Хуыцауы
Фидыды Чырын знаджы къухмæ кæй бахауд,
стæй йæ хицау æмæ йæ лæг кæй амардыс-
ты, уый куы фехъуыста, уæд æвиппайды
батыхсти, зæххыл афæлдæхт æмæ ныййард-
та, 20уый фæстæ мæлæты къахыл ныллæу-
уыд. Йæ уæлхъус цы сылгоймæгтæ лæууыди,
уыдон ын ныфсытæ æвæрдтой: «Ма тæрс,
лæппу ныййардтай». Фæлæ сæ уый хъуыды
дæр нæ кодта, ницы дзуапп сын лæвæрдта.
21Йæ сабийы схуыдта Ихавод, Израил йæ
кадæй фæцух ис, зæгъгæ, Хуыцауы Фидыды
Чырын знаджы къухмæ кæй бахауд æмæ йæ
хицау æмæ йæ лæг кæй амардысты, уымæ
гæсгæ. 22Уый загъта: «Израил æнæхай фæци
йæ кадæй, уымæн æмæ Хуыцауы Фидыды
Чырын знаджы къухмæ бахауд».

**5** Филистимæгтæ Хуыцауы Фидыды Чырын
куы байстой, уæд æй Евен-Езерæй Ашдодмæ
2сæ хуыцау Дагоны кувæндонмæ ахастой
æмæ йæ уым Дагоны фарсмæ æрæвæрдтой.
3Уый фæстæ бон, сæумæраджы, Ашдоды
цæрджытæ куы сыстадысты, уæд федтой:
Дагон Дунедарæджы Фидыды Чырыны раз
зæххыл дæлгоммæ хаудæй лæууы. Систой
йæ æмæ йæ фæстæмæ йæ бынаты сæвæрдтой.
4Уый фæстæ бон дæр та райсомæй раджы
сыстадысты æмæ федтой: Дагон Дунедарæ-
джы Фидыды Чырыны раз зæххыл дæлгом-
мæ хаудæй лæууы, йæ сæр æмæ йæ дыууæ
армы — къуырд æмæ къæсæрыл æппæрст.
Дагонæн ма баззад æрмæст йæ гуыр. 5Уымæ
гæсгæ Дагоны сауджынтæн, стæй Ашдодмæ
Дагоны кувæндонмæ цæуджытæн абоны
онг дæр фæткæн баззад — йæ къæсæрыл
ын къахæй нал æрлæууынц, афтæмæй йæ
сæрты бахизынц.

6Дунедарæг тынг æрæлхъывта Ашдоды
цæрджыты, стыр тас сæ бауагъта. Сæхи дæр
æмæ сын сæ алфамбылай цæрджыты буар
дæр сынкъ фестын кодта. 7Уый фенгæйæ,
Ашдоды адæм загътой: «Израилы Хуыцауы
Фидыды Чырын махмæ мауал уæд, уымæн
æмæ уыцы Хуыцау æгæр карз у махæн дæр
æмæ нæ хуыцау Дагонæн дæр».

8Арвыстой æмæ Филистимы æлдæртты
се 'ппæты дæр æрæмбырд кодтой æмæ сæ
бафарстой: «Цы уынаффæ кæнæм Израилы
Хуыцауы Фидыды Чырынæн?» Уыдон загъ-
той: «Гатмæ хаст æрцæуæд». Æмæ Фидыды
Чырын Гатмæ ахастой.

9Куыддæр бахæццæ ис, афтæ Дунедарæг
Гаты сахарыл фыд азар бафтыдта. Сахары
цæрджытæн сæ буар — стырæй, чысылæй —
къуызыртæй нал зынди. 10Уыйадыл Хуыцауы

**4:21** Ихавод дзуттаг æвзагыл нысан кæны «æгад», кæнæ
«кæм ис кад?».

Фидыды Чырын Екронмæ арвыстой. Екроны
цæрджытæ йæ куы федтой, уæд нырдиаг
кодтой: «Израилы Хуыцауы Фидыды Чырын
нæм æрбахастой, цæмæй быныскъуыд фæ-
уæм». 11 Фæдзырдтой Филистимы æлдæрт-
тæм æмæ сын загътой: «Арвитут Израилы Ху-
ыцауы Фидыды Чырын, уадз æмæ фæстæмæ
йæ бынатыл сæмбæла, науæд сæфæм — адæм
мыггагыскъуыд фæуыдзысты».

Æппæт сахайрæгты дæр бацыди мæ-
лæтдзаг тас, Хуыцау сæ Йæ азары хай ба-
кодта. 12 Сахары цæрджытæй ма удæгас чи
уыди, уыдонæн сæ буар къуызыртæй нал
зынд, æмæ адæм æххуысагур дзынæзтой
уæлæрвтæм.

**6** Дунедарæджы Фидыды Чырын Филис-
тимы зæххыл фæци авд мæйы. 2 Филисти-
мæгтæ фæдзырдтой сауджынтæ æмæ дæс-
ныфæрсджытæм æмæ сæ бафарстой: «Цы
бакæнæм Дунедарæджы Фидыды Чырынæн?
Бацамонут нын, йæ бынатыл æй куыд сæм-
бæлын кæнæм, уый». 3 Уыдон загътой: «Кæд
Израилы Хуыцауы Фидыды Чырын æрвити-
наг стут, уæд æй æнæ ницæмæй ма ауадзут,
фæлæ уыцы Хуыцауæн уæ аххосы ныхмæ
æнæмæнг нывонд æрхæссут. Уæд сдзæбæх
уыдзыстут æмæ базондзыстут, цæй тыххæй
уæ æфхæры, уый». 4 Бафарстой та сæ: «Цавæр
нывонд Ын хъуамæ æрхæссæм?» Загътой
сын: «Филистимаг æлдæртты нымæцмæ
гæсгæ фондз сыгъзæрин къуызыры æмæ
фондз сыгъзæрин мысты. Уымæн æмæ сы-
мах дæр æмæ уе 'лдæрттæ дæр иу æфхæрд
баййæфтат. 5 Уæдæ саразут сыгъзæринæй уæ
сынчъытæ æмæ, уæ зæхх уын цы мыстытæ
гæныстон кæнынц, уыдоны фæлгонцтæ,
æмæ сæ Израилы Хуыцауæн снывонд кæ-
нут. Чи зоны, æмæ уын уæд уæхи дæр, уæ
хуыцæутты дæр æмæ уæ зæхх дæр мауал
æфхæра. 6 Цæмæн стут Мысыры адæм æмæ
фараоны хуызæн хиваст? Израилы Хуыцау
сыл Йæ хъару куы бавзæрста, уæд уыдон
дзуттæгты куы ауагътой! 7 Æрцæттæ кæнут
ног уæрдон æмæ, æфсондз чи нæма фед-
та, ахæм дыууæ дуцгæ хъуджы, уæрдоны
сæ баифтындзут, сæ родты та сын скъæты
бакæнут. 8 Райсут Дунедарæджы Фидыды
Чырын æмæ йæ уæрдоны сæвæрут, уæ ах-
хосы тыххæй Йын цы сыгъзæрин дзауматæ
снывонд кæнат, уыдон та Чырыны фарсмæ
къоппы нывæрут. Стæй-иу Чырын арвитут,
уадз æмæ цæуа. 9 Кæсут-иу: кæд æмæ йæхи
бæстæм, Бет-Шемешмæ цæуа, уæд нын ацы
стыр фыдбылыз Израилы Хуыцау ракодта,
кæд нæ, уæд та йæ зондзыстæм: мах æфхæрд
Уый къухæй нæ баййæфтам, фæлæ ныл ацы
хабар æнæнхъæлæджы æрцыд».
10 Уыцы уынаффæмæ гæсгæ дыууæ дуцгæ
хъуджы баифтыгътой уæрдоны, сæ родты
та сын скъæты ныууагътой. 11 Уæрдоны сæ-
вæрдтой Дунедарæджы Фидыды Чырын,
стæй, сыгъзæрин мыстытæ æмæ къуызыртæ
кæм уыдысты, уыцы къопп. 12 Стуртæ сæ ных
комкоммæ Бет-Шемешмæ сарæзтой. Уасгæ
цыдысты уыцы иу фæндагыл, нæдæр гали-
уæрдæм здæхтысты, нæдæр рахизæрдæм.
Филистимы æлдæрттæ сæ фæдыл цыдысты
суанг Бет-Шемешы арæны онг.
13 Бет-Шемешы цæрджытæ дæлвæзы мæ-
нæу карстой. Фидыды Чырын куы федтой,
уæд бацин кодтой. 14 Уæрдон Бет-Шемешы
цæрæг Йешуайы быдырмæ бахæццæ æмæ
стыр дуры цур æрлæууыд. Уыцы ран уæрдон
сугæн ныссастой æмæ хъуццыты Дунедарæ-
гæн иууылсудзинаг нывондæн æрхастой.
15 Уый размæ левиттæ уæрдонæй æристой
Дунедарæджы Фидыды Чырын æмæ йемæ
цы сыгъзæрин дзауматы къопп уыд, уый
æмæ сæ стыр дурыл æрæвæрдтой. Уыцы бон
Бет-Шемешы адæм Дунедарæгæн иуулсу-
дзинаг нывæндтæ æрхастой æмæ Йын Йæ
номыл кусæрттæ фæкодтой. 16 Филистимы
фондз æлдары уыдæттæ куы федтой, уæд
уыцы бон аздæхтысты Екронмæ.
17 Филистимæгтæ Дунедарæгæн, сæ аххос
хынцгæйæ, цы сыгъзæрин къуызыртæ сны-
вонд кодтой, уыдон уыдысты: иу — Ашдоды,
иу — Газæйы, иу — Ашкелоны, иу — Гаты,
иу та — Екроны тыххæй. 18 Цы сыгъзæрин
мыстытæ снывонд кодтой, уыдон та уы-
дысты, фондз æлдарæн дæлбар чи уыди,
уыцы филистимаг сахарты нымæцмæ гæс-
гæ — бырухгæд чи уыди, канд уыцы сахартæ
нæ, фæлæ æнæбыру хъæуты тыххæй дæр.
Дунедарæджы Фидыды Чырын цы стыр
дурыл æрæвæрдтой, уый ныр дæр ма лæу-
уы Бет-Шемешы цæрæг Йешуайы быдыры.
19 Дунедарæг ныццагъта Бет-Шемешы
адæмы, Дунедарæджы Фидыды Чырыны
хуылфмæ кæй ныккастысты, уый тыххæй: сæ
адæмæй сын амардта дæс æмæ æртиссæдзы.
Æмæ хъæрджытæ кодтой адæм, уымæн æмæ
Дунедарæг бирæты æрцавта. 20 Бет-Шемешы
цæрджытæ загътой: «Ацы стыр Хуыцауы раз,
Дунедарæджы раз, кæй бон у æрлæууын? Йæ
Фидыды Чырын хъуамæ ацæуа махæй, фæлæ
кæдæм?» 21 Минæвæрттæ арвыстой Кирйат-
Иаримы цæрджытæм, цæмæй сын зæгъой:
«Филистимæгтæ Дунедарæджы Фидыды

Чырын фæстæмæ раздæхтой. Рацæут æмæ
йæ уæхимæ ахæссут».

**7** Кирйат-Иаримы цæрджытæ æрбацыдыс-
ты æмæ Дунедарæджы Фидыды Чырын сæ-
химæ ахастой. Уым æй къуылдымыл цæрæг
Авинадавы хæдзармæ схастой, æмæ йын
Авинадавы фырт Елеазары хъахъхъæнæг
сæвæрдтой.

2Фидыды Чырын Кирйат-Иаримы куы
баззади, уæдæй рацыди ссæдз азы. Израилы
адæм иуылдæр, кæугæйæ, Дунедарæгмæ се
'ргом аздæхтой. 3Самуел сын загъта: «Кæд
зæрдиагæй раздæхтыстут Дунедарæгмæ,
уæд æцæгæлон хуыцæутты æмæ Астартæты
уæхицæй аиуварс кæнут, уæ зæрдæ Дунеда-
рæгæн раттут æмæ иунæг Уымæн лæггад
кæнут, æмæ уæ Уый филистимæгтæй фер-
вæзын кæндзæн». 4Израилæгтæ Баалтæ æмæ
Астартæты раппæрстой æмæ æрмæстдæр
Дунедарæгæн лæггад кæнын райдыдтой.
5Самуел загъта: «Æппæт израилæгтæ дæр
Мицпамæ æрæмбырд уæнт, æмæ уын æз
Дунедарæгмæ скувдзынæн». 6Израилæгтæ
æрæмбырд сты Мицпамæ, æвгæдтой дон
æмæ йæ Дунедарæджы раз калдтой. Уыцы
бон уым ком фæдардтой æмæ фæсмонæй
сæхи хордтой: «Дунедарæджы раз фæтæ-
ригъæдджын стæм». Самуел Мицпайы сси
израилæгты фætæг.
7Мицпайы æрæмбырд сты, уый филисти-
мæгтæ куы базыдтой, уæд се 'лдæрттæ æд
æфсад абырстой израилæгты ныхмæ. Уый
фехъусгæйæ, израилæгтæ фæтарстысты
филистимæгтæй 8æмæ загътой Самуелæн:
«Дунедарæгмæ нын, нæ Хуыцаумæ, æнæ-
рæнцойæ кув, æмæ нæ филистимæгтæй
фервæзын кæна».
9Самуел райста, нырма фæдæгæй иртæст
чи нæма уыд, ахæм уæрыкк æмæ йæ Дунеда-
рæгæн иууылсудзинаг нывондæн æрхаста.
Израилы тыххæй Дунедарæгмæ скуывта,
æмæ йын Дунедарæг йæ куывд айста. 10Са-
муел иууылсудзинаг нывонд куы хаста, уæд
филистимæгтæ æрбацæйбырстой Израилмæ.
Уыцы бон Дунедарæг филистимæгты тых-
джын æрвнæрдæй удаист фæкодта, æмæ
дæрæнгонд æрцыдысты израилæгты къу-
хæй. 11Израилæгтæ рацыдысты Мицпайæ
æмæ филистимæгты суанг Бет-Кары онг
сæ разæй цæгъдгæ айстой. 12Самуел Мицпа
æмæ Шены æхсæн ныссагъта дур æмæ йæ
схуыдта Евен-Езер. Загъта: «Ацы бынаты
онг нын Дунедарæг æххуыс кодта».
13Афтæ саст æрцыдысты филистимæгтæ
æмæ Израилы арæнтæм нал бырстой. Дуне-
дарæг сæ суанг Самуелы амæлæты онг уæлæ-
мæ скæсын нал суагъта. 14Филистимæгтæ сæ
Екронæй Гаты 'хсæн цыдæриддæр сахартæ
байстой, уыдон фæстæмæ израилæгты баис-
ты. Израил филистимæгтæй ссæрибар кодта
уыцы сахартæн сæ алфамбылай зæххытæ
дæр. Уæд Израил æмæ аморæгтæ дæр кæ-
рæдзийы хъыгдардтой.
15Самуел йæ цард-цæрæнбонты Израилæн
уыди сæ фæтæг. 16Алы аз дæр-иу æрзылди
Вефил, Гилгал æмæ Мицпайыл æмæ æппæт
уыцы рæтты тæрхон кодта Израилæн. 17Уый
фæстæ-иу æрыздæхти Рамамæ, уымæн æмæ
йæ хæдзар уым уыд. Уым дæр тæрхон код-
та Израилæн. Дунедарæгæн дзы саразта
нывондхæссæн.

**8** Самуел куы базæронд, уæд Израилæн
фæтæгтæй сæвæрдта йæ фыртты. 2Йæ хис-
тæр фырты ном уыди Иоел, кæстæры ном —
Авийа. Тæрхон кодтой Беер-Шевæйы. 3Фæлæ
уыдон сæ фыды фæндагыл нæ цыдысты:
мулкæй нæ зыдтой æфсис, истой гæртам,
кодтой галиу тæрхон.
4Уæд Израилы хистæртæ иууылдæр æрæм-
бырд сты æмæ Рамайы сахармæ æрцыдысты
Самуелмæ. 5Загътой йын: «Ды базæронд дæ,
дæ фырттæ та дæ фæндагыл лæуд не сты.
Гъемæ, иннæ адæмтæм куыд у, афтæ махæн
дæр нæ сæргъы паддзах сæвæр, æмæ нын
хицауиуæг кæна».
6Паддзах нын сæвæр æмæ нын хицауиуæг
кæна, зæгъгæ, кæй загътой, уый Самуелы
зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ Дунедарæгмæ
скуывта. 7Дунедарæг загъта Самуелæн:
«Ратт адæмæн, цыдæриддæр дæ курынц,
уый: уыдон дæуыл нæ, фæлæ Мæныл атигъ
кодтой сæхи, цæмæй сын Æз мауал кæнон
паддзахиуæг. 8Мысырæй сæ куы рахуыдтон,
уыцы бонæй нырмæ Мæнæн алкæддæр куыд
кодтой — ныууагътой-иу Мæ æмæ лæггад
кодтой æндæр хуыцæуттæн, — ныр дæуæн
дæр афтæ кæнынц. 9Гъемæ сæм байхъус.
Æрмæст сын бæлвырд радзур, фидæны пад-
дзах сын хицауиуæг куыд кæндзæни, уый».
10Паддзахы сæвæрын дзы чи домдта, уыцы
Самуел рафæзмыдта Дунедарæджы æппæт
ныхæстæ дæр 11æмæ загъта: «Уæ сæргъы
цы паддзах лæууа, уый уын хицауиуæг
кæндзæни мæнæ афтæ: уæ фыртты уын
байсдзæн æмæ дзы иуты бафтаудзæн йæ

**7:12** Ома æххуысы дур.

тохуæрдæттыл, иннæты — йæ бæхæфсадыл,
аннæтæ та уыдзысты паддзахы барджытæ
æмæ йæ уæрдоны разæй уайдзысты. 12Иу-
ты йе ’фсады минонтæ æмæ фæндзайонты
хицæуттæй сæвæрдзæн, иннæтæ йын кæн-
дзысты хуым æмæ йын æфснайдзысты йæ
тыллæг, аннæтæ та йын араздзысты хотыхтæ
æмæ ифтонг кæндзысты тохуæрдæттæ. 13Уæ
чызджыты дæр уын байсдзæн, цæмæй аразой
хæрздæфгæнæнтæ, кæной хæринаг, кæной
кæрдзын. 14Байсдзæн уын уæ быдыртæ, уæ
сæндæттæ æмæ уæ оливæйы дыргъдæтты
хуыздæртæ æмæ сæ йæ фæсдзæуинтæн рат-
дзæн. 15Уæ быдыртæ æмæ уын уæ сæндæтты
тыллæгæн райсдзæн йæ дæсæймаг хай æмæ
йæ ратдзæн йæ барджынтæ æмæ йæ фæсдзæ-
уинтæн. 16Байсдзæн уын уæ цагъарты — нæл-
гоймагæй, сылгоймагæй, йæхи бакæндзæн уе
стуртæ æмæ уæ хæрджыты хуыздæрты æмæ
сæ йæхицæн кусын кæндзæн. 17Уæ лыстæг
фосæн дæр райсдзæн йæ дæсæймаг хай. Уе
’ппæт дæр ын уыдзыстут цагъартæ. 18Уæд
ныккæрздзыстут æмæ хъаст кæндзыстут,
уæхицæн цы паддзах равзæрстат, уымæй,
фæлæ уæм Дунедарæг нал æрыхъусдзæн».

19Адæм ницæмæ æрдардтой Самуелы ны-
хæстæ. Загътой: «Нæ, уадз æмæ паддзах уа
нæ сæргъы! 20Уæд мах дæр уыдзыстæм æп-
пæт адæмты хуызæн: нæ паддзах кæндзæни
хицауиуæг дæр æмæ уыимæ уыдзæни нæ
хæстон фæтæг дæр».

21Самуел фæхъуыста адæмы ныхæстæм
æмæ сæ Дунедарæгæн рафæзмыдта. 22Дунеда-
рæг Самуелæн загъта: «Сразы у семæ, сæвæр
сын паддзах». Æмæ загъта Самуел израилæг-
тæн: «Алчидæр уæ йæ сахармæ ацæуæд».

**9** Бениамины зæххыл царди иу лæг, йæ
ном — Киш, Бениамины мыггагæй, нымад
адæймаг. Йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæр-
мæ: Авиел, Церор, Бехорат, Афиах. 2Кишæн
уыди фырт, йæ ном — Саул, æвзонг æмæ
хæрзконд лæппу. Израилæгтæм уымæй
уындджындæр ничи уыди. Уыимæ ахæм
бæрзонд уыд, æмæ йын æппæт Израилы
адæмæй йæ роцъомæ дæр ничи æххæссыд.

3Иуахæмы Кишæн йæ сыл хæрджытæ фе-
сæфтысты, æмæ йæ фырт Саулæн загъта:
«Æххуырстытæй искæй демæ акæн æмæ
уыцы хæрджыты бацагур». 4Саул йе ’ххуырс-
тимæ æрзылдис Ефремы хæхбæстæ æмæ
Шалишайы зæххыл, фæлæ сæ не ссардтой.
Шаалимы зæххыл сæ фæцагуырдтой, æмæ
уым дæр нæ разындысты. Афтæ — Бениа-
мины зæххыл дæр, фæлæ никуы æмæ ницы.
5Цуфы зæхмæ куы бацыдысты, уæд Саул
йе ’ххуырстæн загъта: «Аздæхæм фæстæмæ,
науæд мæ фыды зæрдæ хæрджыты бæсты
махмæ æхсайын райдайдзæн». 6Фæлæ йын
æххуырст загъта: «Ацы сахары ис Хуыцауы
æвзæрст лæг, тынг æй нымайынц, цыдæ-
риддæр фæзæгъы, уый æнæмæнг сæххæст
вæййы. Цæй æмæ уымæ бацæуæм. Чи зоны,
æмæ нын бацамона, цавæр фæндагыл нын
цæугæ у, уый». 7Уæд Саул йе ’ххуырстæн
афтæ: «Бацæуæм æм, фæлæ йын хæсгæ та
цы бакæндзыстæм? Æгæрыстæмæй нæ хор-
дзенты дзул дæр куы нал ис. Лæварæн ын
немæ цы айсæм, уый дæр нæм нæй. Цы нæм
ис?» 8Æххуырст загъта Саулæн: «Мæнæ мæм
æвзисты шекелы цыппæрæм хай ис, æмæ
йæ Хуыцауы æвзæрст лæгæн ратдзынæн,
цæмæй нын фæндаг бацамона». 9(Раздæр-иу
Израилы исчи Хуыцауы фæндон базонынмæ
куы цыд, уæд-иу афтæ дзырдтой: «Цом зо-
нынджынмæ», уымæн æмæ, ныр пехуымпар
кæй хонынц, уый раздæр зонынджын ху-
ыдтой.) 10«Гъемæ хорз, куыд зæгъыс, афтæ
бакæнæм», — загъта Саул йе ’ххуырстæн.

Æмæ араст сты, Хуыцауы æвзæрст лæг
кæм царди, уыцы сахармæ.

11Сахармæ фæндагыл, къуылдымыл, куы
фæхæрд кодтой, уæд амбæлдысты дондзау
чызджытыл æмæ сæ бафарстой: «Зонын-
джын ам ис æви нæ?» 12Уыдон дзуапп рад-
той: «Ам ис. Æмраст ацæут. Æрмæст тагъд-
дæр. Абон æрбацыди сахармæ, уымæн æмæ
адæм абон уæлæ кувæн къуыбырыл нывонд
хæссынц. 13Сахармæ куы бацæуат, уæд æй
уайтагъд ссардзыстут. Фæтагъд кæнут, ца-
лынмæ кувæн къуыбырмæ нæма ссыди ку-
ывдмæ, уæдмæ. Æнæ уымæй куывддзау
адæм нæ саходдзысты — уый нывонд куы
ныххæлар кæна, æрмæст уæд райдайдзыс-
ты хæрын. Цæут æмæ йæ баййафдзыстут».

14Сахармæ куыд бацыдысты, афтæ Са-
муел дæр кувæн къуыбырмæ рараст æмæ
сæ размæ фæци.

15Ныр, Саул куы ’рбацыд, уый размæ бон
Дунедарæг фехъусын кодта Самуелæн:
16«Райсом дæм ацафон æрбарвитдзынæн
иу лæджы, Бениамины зæххыл цæрджы-
тæй. Байсæрд-иу æй паддзахæй, цæмæй
Мæ адæмæн, Израилæн, æлдариуæг кæна
æмæ Мын Мæ адæмы филистимæгты къу-
хæй фервæзын кæна, уымæн æмæ Æз Ме
’фхæрд адæммæ æркастæн, æмæ Мæм сæ
сау марой фехъуыст».

17Самуел Саулы куы ауыдта, уæд ын Дуне-
дарæг загъта: «Мæнæ ис, кæй кой дын кодтон,

уыцы лæг. Уый кæндзæни паддзахиуæг Мæ
адæмæн».
[18]Саул Самуелмæ бацыд кулдуары размæ
æмæ йæ бафарста: «Зонынджыны хæдзар
кæм ис, уый мын нæ бацамондзынæ?» [19]Са-
муел ын загъта: «Зонынджын æз дæн. Мæ
разæй кувæн къуыбырмæ ссу, абон мемæ
саходдзыстут. Райсом дæ фæндараст куы
кæнон, уæд та дын дзуапп ратдзынæн, дæ
зæрдæйы цыдæриддæр ис, уыдонæн. [20]Æртæ
боны размæ дæ цы сыл хæрджытæ фесæфт,
уыдоныл ма тыхс: разындысты. Ис ахсджиаг-
дæр хъуыддаг: Израилы хæзнатæ иууылдæр
сты дæу æмæ дæ мыггаджы хай». [21]Саул ын
дзуапп радта: «Æмæ æз Израилы цыбырдæр
хæдзарвæндагæй куы дæн — Бениамины
байзæддаг. Мæ мыггаг дæр Бениамины хæ-
дзарвæндаджы мыггæгтæн сæ тæккæ гыц-
цылдæр куы у, уæд мын уый куыд зæгъыс?»
[22]Самуел Саулы æмæ æххуырсты уазæг-
донмæ акодта æмæ сæ хуынд адæмы уæле
сбадын кодта. Хуынд адæм уыдысты дæс
æмæ ссæдзы бæрц. [23]Самуел хæринаггæнæ-
гæн загъта: «Цы хай дæм радтон, бафснай йæ,
зæгъгæ, уый-ма рахæсс». [24]Хæринаггæнæг
рахаста сгуы æмæ йæ Саулы раз æрæвæрдта.
Самуел Саулæн загъта: «Мæнæ, дæуæн кæй
бавæрын кодтон, уыцы хай. Дæ хорзæхæй,
æрæвнал æмæ саход. Куывддонтæм куы
фæдзырдтон, уæдæй тæккæ ацы сахаты онг
дæу тыххæй æвæрд уыд». Афтæ уыцы бон
Саул æмвынг уыди Самуелимæ.
[25]Къуыбырæй æрцыдысты сахармæ. Сау-
лæн уæлхæдзар бауат кодтой, æмæ схуыссы-
ди. [26]Райсомæй сæуæхсидыл Самуел Саулмæ
уæлхæдзармæ сдзырдта: «Сыст, æмæ дæ
афæндараст кæнон». Саул сыстад, æмæ дыу-
уæйæ дæр хæдзарæй рацыдысты. [27]Сахары
кæронмæ куы рахæццæ сты, уæд Самуел
Саулæн загъта: «Æххуырстæн зæгъ, æмæ
нæ разæй цæуа. Ды та æрлæуу, æмæ дын æз
фехъусын кæндзынæн Хуыцауы фæндон».
Æххуырст ацыди сæ разæй.

**10** Самуел райста сойы дурын, Саулы сæ-
рыл оливæйы сой æруагъта, аба йын кодта
æмæ загъта: «Ацы байсæрстæй дæ Дунедарæг
Йæ адæмæн фæтæг зæгъы. [2]Ныр, ардыгæй
куы ацæуай, уæд Бениамины зæххыл, Цел-
цахы, Рахелы зæппадзы цур, амбæлдзынæ
дыууæ лæгыл. Уыдон дын зæгъдзысты: „Цы
сыл хæрджытæ агурæг рацыдтæ, уыдон ра-
зындысты, æмæ дæ фыды йæ хæрджыты
мæт нал ис, фæлæ йæ зæрдæ сымахмæ æх-
сайы, ныр кæм агурон мæ фырты, зæгъгæ.“
[3]Уырдыгæй ацæудзынæ дарддæр æмæ ба-
хæццæ уыдзынæ Фаворы Тулдзмæ. Уым дыл
амбæлдзысты Вефилы кувæн къуыбырмæ,
Хуыцаумæ цæуæг æртæ лæджы. Иумæ дзы
уыдзæнис æртæ сæныччы, иннæмæ — æртæ
дзулы гуыдыны, æртыккагмæ — сæны ла-
лым. [4]Зæгъдзысты дын салам, дæтдзысты
дын дыууæ дзулы, æмæ-иу сæ райс. [5]Уый
фæстæ бахæццæ уыдзынæ Хуыцауы кувæн
къуыбырмæ, филистимаг æфсады къорд
кæм лæууы, уырдæм. Уым, сахармæ бацæ-
уæны цур, амбæлдзынæ къуыбырæй цæуæг
пехуымпарты къордыл. Уыдон кæндзыс-
ты пехуымпариуæг, сæ разæй цæуджытæ
цæгъддзысты дыууадæстæнонтæй, далатæй,
уадындзтæй æмæ хъисфæндыртæй. [6]Дуне-
дарæджы Уд дыл æртыхсдзæн, æмæ ды дæр
семæ пехуымпариуæг кæнын райдайдзынæ,
æндæр адæймаг суыдзынæ. [7]Æппæт уыдæт-
тæ дыл куы ’рцæуа, уæд-иу уавæртæм гæсгæ
дарддæр архай, уымæн æмæ дыл Хуыцау
ауды. [8]Мæ разæй-иу цу Гилгалмæ. Æз дæм
ныццæудзынæн иууылсудзинаг нывæндтæ
æмæ фидыды нывæндтæ æрхæссынмæ. Авд
боны-иу банхъæлмæ кæс ме ’рцыдмæ, стæй
дын бацамондзынæн, цы гæнгæ у, уый».
[9]Саул куыддæр фæзылди Самуелы цурæй
араст уæвынмæ, афтæ йын Хуыцау йæ зæрдæ
фæивта. Самуел цыдæриддæр загъта, уыдон
æрцыдысты тæккæ уыцы бон. [10]Гевæмæ куы
бахæццæ сты, уæд амбæлдысты пехуымпар-
ты къордыл. Дунедарæджы Уд æртыхсти
Саулыл, æмæ уый дæр пехуымпариуæг кæ-
нын райдыдта. [11]Ныронг æй чи зыдта, уыдон
æй пехуымпартимæ пехуымпариуæггæнгæ
куы федтой, уæд сæ кæрæдзийæн дзырдтой:
«Уый цы ’рцыди Кишы фыртыл? Ау, Саул дæр
пехуымпар сси?» [12]Уырдыгæттæй иу лæг аф-
тæ бакодта: «Æмæ иннæтæн та сæ фыдæлтæ
чи сты?» Афтæмæй æмбисондæн баззад: «Ау,
Саул дæр пехуымпар сси?»
[13]Саул пехуымпариуæг куынæуал кодта,
уæд кувæн къуыбырмæ ацыд. [14]Саулы фыды
’фсымæр бафарста Саул æмæ йе ’ххуырсты:
«Кæм уыдыстут?» Саул загъта: «Хæрджы-
ты агуырдтам, æмæ сæ куы нæ ссардтам,
уæд ацыдыстæм Самуелмæ». [15]Саулы фыды
’фсымæр загъта: «Самуел уын цы дзырдта,
уыдæттæ-ма мын рафæзм». [16]Саул дзуапп
радта: «Загъта нын, хæрджытæ разындыс-
ты, зæгъгæ». Самуел ын паддзахдзинады
тыххæй цы дзырдта, уый та не схъæр кодта.
[17]Самуел Израилы адæмы æрæмбырд кодта
Мицпамæ, Дунедарæджы размæ. [18]Загъ-
та сын: «Афтæ зæгъы Дунедарæг, Израилы

Хуыцау: „Израилы ракодтон Мысырæй.
Фервæзын уæ кодтон мысырæгты къухæй
æмæ, ноджыдæр ма уæ чи æфхæрдта, уыцы
паддзахæдты къухæй дæр“. 19Сымах та абон
уæхи атигъ кодтат уæ Хуыцауыл, кæд æмæ
уæ Уый уе ’ппæт фыдбылызтæ æмæ хъизæ-
мæрттæй ирвæзын кæны, уæддæр æмæ Йын
загътат: „Сæвæр нын паддзах нæ сæргъы“.
Гъемæ ныр Дунедарæджы раз æрлæуут хæ-
дзарвæндаггай, мыггаггай».

20Самуел фæсидти Израилы æппæт хæ-
дзарвæндæгтæм. Сæппæрстой хæлттæ, æмæ
схаудта Бениамины хæдзарвæндаджы хал.
21Уæд Бениамины хæдзарвæндагмæ фæ-
сидти мыггаггай, æмæ схаудта Матрийы
мыггаджы хал. Матрийы мыггаджы лæгты
æрбакодтой, æмæ схаудта Кишы фырт Саулы
хал. Саулы агуырдтой, фæлæ йæ не ссардтой.
22Уæд та Дунедарæджы бафарстой: «Æрба-
цæуудзæни ма æви нæ?» Дунедарæг загъта:
«Уæртæ чырæйы ’хсæн бамбæхсти».

23Ауадысты æмæ йæ ракодтой уырдыгæй.
Саул адæмы ’хсæн æрлæууыд. Ахæм бæрзонд
уыд, æмæ йын æппæт Израилы адæмæй йæ
роцъомæ дæр ничи æххæссыд. 24Самуел
адæмæн загъта: «Уынут, Дунедарæг кæй
равзæрста, уый? Æппæт адæмы ’хсæн ын
æмбал нæй». Адæм иууылдæр цины хъæр
ныккодтой: «Æгас цæуæд паддзах!»

25Самуел адæмæн радзырдта паддзахы
барты тыххæй, чиныджы сæ ныффыста æмæ
чиныг Дунедарæджы кувæндоны сæвæрдта.
Стæй æппæт адæмы дæр сæ хæдзæрттæм
ауагъта. 26Саул дæр йæ хæдзармæ, Гевæйы
сахармæ, ацыд. Йемæ ацыдысты, Хуыцауыл
иузæрдион чи уыдис, уыцы хъæбатыртæ
дæр. 27Фæлæ ахæм цъаммар адæймæгтæ
дæр уыд, афтæ чи дзырдта: «Ай у махæн
нæ ирвæзынгæнæг?» Ницæмæ йæ æрдард-
той æмæ йын лæвæрттæ дæр нæ ракодтой.
Фæлæ Саул, цыма ницы бафиппайдта, афтæ
йæхи дардта.

**11** Уымæй иу мæй фæстæдæр аммонаг
Нахаш йе ’фсадимæ æрбабырста æмæ æр-
хъула кодта Галаады сахар Иавешыл. Иаве-
шы цæрджытæ загътой Нахашæн: «Цæдис
скæн немæ, æмæ дæ дæлбартæ уыдзыстæм».
2Аммонаг Нахаш сын дзуапп радта: «Уемæ
цæдис скæндзынæн. Æцæг уæ хъуамæ ал-
кæмæн дæр йæ рахиз цæст сæппарон, æмæ
уымæй æппæт Израилы дæр æгады бына-
ты сæвæрон». 3Уæд ын Иавешы хистæртæ
загътой: «Ратт нын авд боны, цæмæй Изра-
илы алы кæрæттæм арвитæм минæвæрттæ,
æмæ нын куы ничи баххуыс кæна, уæд дæм
рацæудзыстæм».

4Минæвæрттæ Саулы сахар Гевæмæ ба-
цыдысты. Адæмæн Нахашы ныхæстæ куы
рафæзмыдтой, уæд адæм иууылдæр сæ хъæ-
лæсы дзаг ныккуыдтой.

5Уыцы рæстæг Саул йæ галты фæстæ æр-
бацæйцыди быдырæй æмæ бафарста: «Цы
’рцыди адæмыл, цæуыл кæуынц?» Æмæ йын
Иавешы цæрджыты ныхæстæ рафæзмыд-
той. 6Саул уыцы ныхæстæ куы фехъуыста,
уæд ыл Хуыцауы Уд æртыхст, æмæ йæ маст
рафыхти. 7Дыууæ галы суæнгтæ кодта æмæ
минæвæртты æххуысæй хæйттæ Израилы
алы кæрæттæм арвыста ахæм ныхæстимæ:
Саул æмæ Самуелы фæдыл чи нæ рацæ-
уа, уыдоны галтæ дæр афтæ уæнгтæгонд
æрцæудзысты.

Хуыцауы тас бацыди æппæт адæмы дæр
æмæ сыстадысты иу лæгау. 8Саул сæ Безекы
банымадта, æмæ уыдысты: Израилы хæдзар-
вæндæгтæй æртæсæдæ мин лæджы, Иудæйы
хæдзарвæндагæй — дæс æмæ ссæдз мины.
9Уыйадыл Иавешы минæвæрттæн бафæ-
дзæхстой: «Галаадаг Иавешы адæмæн афтæ
зæгъут: „Райсом уæм хуры æрбандæвдимæ
фæзындзæн æххуыс“».

Минæвæрттæ аздæхтысты, Иавешы адæ-
мæн фехъусын кодтой, æмæ уыдонæн сæ
зæрдæ барухс. 10Иавешы цæрджытæ загъ-
той Нахашæн: «Райсом уæм рацæудзыстæм,
æмæ уæ цы бафæнда, уый-иу нын бакæнут».

11Дыккаг райсом Саул адæмы фæдих код-
та æртæ къордыл, æмæ уыдон сæумæйæ
знаджы рæсæнуаты смидæг сты. Сихора-
фонмæ дæрæн кодтой аммонæгты. Чи ма
сæ аирвæзти удæгасæй, уыдон фæйнæрдæм
фæлыгъдысты, дыууæ лæджы дæр дзы нал
аззад иумæ.

12Уæд адæм загътой Самуелæн: «Чи дзырд-
та, Саул паддзахæн нæ бæззы? Ракæнут-ма
уыцы адæмы, æмæ сæ мах амарæм». 13Фæлæ
Саул загъта: «Ацы бон никæй хъæуы марын —
абон Дунедарæг уæлахиз радта Израилæн».

14Самуел загъта адæмæн: «Цæуæм Гилгал-
мæ æмæ та уым ногæй паддзах расидæм».
15Æмæ адæм иууылдæр ацыдысты Гилгалмæ.
Уым Дунедарæджы раз Саулы расидтысты
паддзахæй æмæ Дунедарæгæн æрхастой
фидыды нывæндтæ. Стыр цины бæрæгбон
сарæзтой уым Саул æмæ æппæт израилæгтæ.

**12** Самуел загъта Израилы дзыллæйæн:
«Уæ курдиат уын сæххæст кодтон, уæ сæр-
гъы уын сæвæрдтон паддзах. 2Гъемæ мæнæ

уӕ паддзах. Абонӕй фӕстӕмӕ уын уый
кӕндзӕни хицауиуӕг. Ӕз базӕронд дӕн,
сурс дӕн, фӕлӕ мӕ фырттӕ дӕр уемӕ баз-
зайдзысты. Мӕ сабибонтӕй абонмӕ уын
лӕггад фӕкодтон. 3Ныр уӕ разы дӕн, ӕмӕ
мын Дунедарӕг ӕмӕ Йӕ байсӕрсты раз
комкоммӕ зӕгъут: искӕмӕн йӕ гал кӕнӕ
йӕ хӕрӕг байстон? Искӕй бастыгътон? Ис-
кӕй бафхӕрдтон? Искӕмӕй гӕртам райстон
ӕмӕ уыцы гӕртамӕй мӕ цӕстытӕ бакуырм
кодтон? Афтӕ кӕд у, уӕд зӕгъут, ӕмӕ уын
сӕ бафиддзынӕн».
4Дзуапп ын радтой: «Ды нӕ никӕй бас-
тыгътай, никӕй нӕ бафхӕрдтай, никӕмӕй
нӕ ницы райстай». 5Уый сын загъта: «Абон
Дунедарӕг ӕмӕ Йӕ байсӕрст — ӕвдисӕн-
тӕ, кӕй ницы мӕм ссардтат азымӕй, уый
тыххӕй». Дзуапп ын радтой: «Ӕвдисӕнтӕ».
6Уӕд сын Самуел загъта: «Моисей ӕмӕ
Аароны Чи равзӕрста ӕмӕ уын уӕ фыдӕлты
Мысыры зӕххӕй Чи ракодта, уыцы Дунеда-
рӕг — ӕвдисӕн. 7Ӕрбайхъусут-ма, ӕз уын
ныр Дунедарӕджы раз мӕ уайдзӕф зӕгъон —
Дунедарӕг сымахӕн дӕр ӕмӕ уӕ фыдӕлтӕн
дӕр цыдӕриддӕр хӕрзты бацыди, уыдон
уын уӕ зӕрдыл ӕрӕфтын кӕнон. 8Йаков
йӕ фырттимӕ Мысырмӕ куы ацыд ӕмӕ уӕ
фыдӕлтӕ мысырӕгты къухӕй ӕфхӕрд куы
баййӕфтой, уӕд уыдон Дунедарӕгмӕ сдзы-
нӕзтой, ӕмӕ Дунедарӕг рарвыста Моисей
ӕмӕ Аароны. Уыдон уын уӕ фыдӕлты Мы-
сырӕй ракодтой ӕмӕ сӕ мӕнӕ ацы зӕххыл
ӕрцӕрын кодтой. 9Фӕлӕ уӕ фыдӕлтӕ Ду-
недарӕджы, сӕ Хуыцауы, куы ферох кодтой,
уӕд сӕ Уый лӕвӕрдта Хацоры ӕфсады хицау
Сисерайы къухтӕм, филистимӕгты къухтӕм
ӕмӕ моаваг паддзахы къухтӕм. Уыдон хӕ-
цыдысты уӕ фыдӕлтимӕ. 10Уӕ фыдӕлтӕ
Дунедарӕгмӕ сдзынӕзтой ӕмӕ загътой:
„Фӕтӕригъӕдджын стӕм, ныууагътам Ду-
недарӕджы ӕмӕ куывтам Баалтӕ ӕмӕ Ас-
тартӕтӕм. Фӕлӕ нӕ ныр фервӕзын кӕн не
знӕгтӕй, ӕмӕ кувдзыстӕм Дӕумӕ“. 11Уӕд
Дунедарӕг рарвыста Иеруббаалы, Беданы,
Йеффайы ӕмӕ мӕн, Самуелы, фервӕзын уӕ
кодта уӕ алыварс знӕгтӕй, ӕмӕ цардыстут
ӕдасӕй. 12Фӕлӕ аммонаг паддзах Нахаш
уӕ ныхмӕ кӕй цӕуы, уый куы федтат, уӕд
мын загътат: „Нӕ, уадз ӕмӕ паддзах уа нӕ
сӕргъы“, афтӕмӕй та Дунедарӕг, уӕ Хуыцау,
Йӕхӕдӕг у уӕ паддзах. 13Гъемӕ мӕнӕ, кӕй
равзӕрстат, уыцы паддзах. Паддзах куырд-
тат, ӕмӕ уын ӕй Дунедарӕг сӕвӕрдта уӕ
сӕргъы. 14Дунедарӕгӕй куы тӕрсат, куы Йын
куват, Йӕ коммӕ куы кӕсат, Йӕ фӕндоны
ныхмӕ куынӕ лӕууат, уӕхӕдӕг дӕр ӕмӕ
уӕ паддзах дӕр Дунедарӕджы, уӕ Хуыцауы,
фӕдыл куы цӕуат, уӕд Дунедарӕг уӕ ныхмӕ
нӕ рацӕудзӕн. 15Фӕлӕ Дунедарӕджы ком-
мӕ куынӕ кӕсат ӕмӕ Йӕ фӕндоны ныхмӕ
куы лӕууат, уӕд Дунедарӕг рацӕудзӕн уӕ
ныхмӕ ӕмӕ уӕ паддзахы ныхмӕ. 16Багъӕ-
цут-ма ӕмӕ фендзыстут, Дунедарӕг уын цы
стыр диссаг равдисдзӕн, уый. 17Ныртӕккӕ
мӕнӕуыгӕрдӕнтӕ не сты, ӕви? Фӕлӕ ӕз
Дунедарӕгмӕ скувдзынӕн, ӕмӕ Уый рар-
витдзӕн ӕрвнӕрд ӕмӕ къӕвда, ӕмӕ сымах
базондзыстут ӕмӕ фендзыстут, уӕхицӕн
паддзах куы ракуырдтат, уӕд Дунедарӕджы
раз стыр тӕригъӕды кӕй бацыдыстут, уый».
18Самуел Дунедарӕгмӕ скуывта, ӕмӕ
уыцы бон Дунедарӕг рарвыста ӕрвнӕрд
ӕмӕ къӕвда. Адӕм тынг фӕтарстысты Ду-
недарӕгӕй ӕмӕ Самуелӕй.
19Адӕм Самуелӕн балӕгъстӕ кодтой: «Дӕ
цагъарты тыххӕй Дунедарӕгмӕ, дӕ Ху-
ыцаумӕ, скув, ӕмӕ ма амӕлӕм. Уымӕн
ӕмӕ ма не 'ппӕт тӕригъӕдтӕм ноджы иу
фыдракӕнд бафтыдтам, нӕхицӕн паддзах
куы ракуырдтам, уӕд».
20Самуел адӕмӕн загъта: «Ма тӕрсут!
Кӕд ӕппӕт уыцы фыдракӕндтӕ сарӕзтат,
уӕддӕр Дунедарӕгӕй уӕхи ма иуварс кӕнут,
зӕрдиагӕй Йын кувут. 21Ӕнӕуд хуыцӕутты
фӕдыл та ма цӕут. Уыдон уын нӕдӕр исты
пайда ӕрхӕсдзысты, нӕдӕр уӕ ирвӕзын
фӕкӕндзысты, уымӕн ӕмӕ ницы сты. 22Ду-
недарӕг Йе стыр номы хатырӕй Йӕ адӕмы
дзӕгъӕлӕй нӕ ныууадздзӕн, уымӕн ӕмӕ
Йын фӕндон уыди сымахӕй Йӕхи адӕм
саразын. 23Мӕн дӕр Дунедарӕг бахизӕд,
сымах тыххӕй куынӕуал кувон, уыцы тӕ-
ригъӕдӕй! Ӕдзух уын кувдзынӕн ӕмӕ
уӕ араздзынӕн хорз ӕмӕ раст фӕндагыл.
24Ӕрмӕст тӕрсут Дунедарӕгӕй, рӕстӕй,
зӕрдиагӕй Йын кувут. Уӕ зӕрдыл дарут,
цы стыр хӕрзты уын бацыд, уый. 25Дард-
дӕр дӕр ма фыдбылыз куы аразат, уӕд та
уӕ паддзахимӕ иумӕ бабын уыдзыстут».

**13** Саулыл дӕс ӕмӕ ссӕдз азы цыд, Израи-
лы паддзах куы сси, уӕд. Израилӕн паддза-
хиуӕг фӕкодта дыууӕ ӕмӕ дыууиссӕдз азы.
2Израилӕгтӕй Саул йӕхицӕн равзӕрста
ӕртӕ мин лӕджы. Уыдонӕй дыууӕ мины

**13:1** Зӕгъӕн ис, ӕмӕ дзуттаг тексты ацы бынат хӕлд у. «Дӕс ӕмӕ ссӕдз азы» – афтӕ у бердзенаг тӕлмацы кӕцыдӕр къухфыстыты; дзуттаг тексты та нымӕц уагъд ӕрцыди. Дыууӕ ӕмӕ дыууиссӕдз азы – абар Хъуыд 13:21; дзуттаг тексты: дыууӕ азы.

Саулимæ уыдысты Михмасы æмæ Вефилы
хæхбæсты, иу мин та — йæ фырт Ионатани-
мæ Бениамины Гевæйы. Иннæ адæмы Саул
ауагъта сæ хæдзæрттæм.
3Ионатан ныддæрæн кодта, филистимæг-
тæн Гевæйы цы æфсады къорд лæууыд, уый,
æмæ филистимæгтæн уыцы хабар сæ хъус-
тыл æрцыд. Ныр Саул та æгас бæстæйыл
сыкъауадындзæй ныууасын кодта æмæ фæ-
сидт: «Фехъусæнт дзуттæгтæ!»
4Æппæт Израилы дæр куы фехъуыстой,
Саул ныддæрæн кодта филистимæгты æф-
сады къорд, æмæ Израил филистимæгтæн
бынтондæр фенæуынон ис, уæд адæм Саул-
мæ æрæмбырд сты Гилгалы сахармæ. 5Фи-
листимæгтæ растадысты Израилы ныхмæ
схæцынмæ. Уыди сæм æртæ мин тохуæр-
доны, æхсæз мин бæхджын æфсæддоны
æмæ денджызы былгæрон змисау æнæны-
мæц фистæг æфсад. Æрбацыдысты æмæ
Бет-Авенæй скæсæнæрдæм, Михмасы цур,
рæсæнуаты æрлæууыдысты.
6Израилæгтæ уыдтой сæ уæззау уавæр,
уынгæджы фесты æмæ сæхи æмбæхстой
лæгæтты, цъассыты, къæдзæхты скъуыдты,
зæппæдзты æмæ донуæтты. 7Дзуттæгтæй
иуæй-иутæ ахызтысты Иорданы фаллаг
фарсмæ — Гады зæхмæ æмæ Галаадмæ. Саул
та нырма Гилгалы уыди, æмæ, йемæ цы
адæм баззад, уыдон иууылдæр æмризæ-
джы рызтысты.
8Самуел цы æмгъуыд скодта, уымæ гæс-
гæ йæм Саул авд боны банхъæлмæ касти,
фæлæ Самуел не ’рбацыди Гилгалмæ, æмæ
адæм фæйнæрдæм лидзын райдыдтой. 9Уæд
Саул загъта: «Ракæнут-ма мæм иууылсудзи-
наг нывондаг æмæ фидыды нывондæгтæ».
Æмæ иууылсудзинаг нывонд æрхаста. 10Йæ
иууылсудзинаг нывонд хаст нæма фæци,
афтæ æрбахæццæ Самуел, æмæ Саул йæ
размæ рауади салам ын раттынмæ. 11Фæлæ
йæ Самуел афарста: «Уый цы бакодтай?»
Саул ын дзуапп радта: «Æз уыдтон, адæм
лидзын райдыдтой, ды æмгъуыды бонмæ не
’рбацыдтæ, филистимæгтæ та ныридæгæн
Михмасы æрæмбырд сты, 12æмæ ахъуыды
кодтон: ныртæккæ мæм филистимæгтæ
æрбабырсдзысты Гилгалмæ, æз та Дуне-
дарæгæн нæма балæгъстæ кодтон. Гæнæн
мын куынæуал уыд, уæд мæхæдæг æрхастон
иууылсудзинаг нывонд».
13Самуел загъта Саулæн: «Æнæзонд ми
бакодтай. Дунедарæг дын, дæ Хуыцау, цы
бафæдзæхста, уый нæ сæххæст кодтай. Æн-
дæра дын Дунедарæг дæ хæдзарæн раттаид
Израилы сæргъы мыггагмæ паддзахиуæг
кæныны бар. 14Фæлæ ныр дæ паддзахдзинад
бирæ нæ ахæсдзæн. Дунедарæг Йæхицæн
бацагурдзæн зæрдæхцон адæймаг æмæ йæ
скæндзæн Йæ адæмы фæтæг, уымæн æмæ
Йын ды Йæ фæндон нæ сæххæст кодтай».
15Уыйадыл Самуел ацыди Гилгалæй. [Адæ-
мæй ма дзы чи баззади, уыдон дæр Саулы
фæдыл Гилгалæй знаджы ныхмæ хæцынмæ
Бениамины Гевæмæ араст сты.] Саул йæ
адæмы банымадта, æмæ уыдысты æхсæз-
сæдæйы бæрц.
16Саул æмæ йæ фырт Ионатан, семæ цы
адæм баззад, уыдонимæ æрбынат кодтой Бе-
ниамины Гевæйы. Филистимæгты рæсæнуат
та Михмасы уыди. 17Филистимæгты рæсæн-
уатæй æртæ къорды рацыд бæстæ гæныстон
кæнынмæ. Сæ иу араст Офрамæ фæндагыл,
Шуалы зæхмæ, 18иннæ — Бет-Хоронмæ фæн-
дагыл, æртыккаг къорд та йæ ных саразта,
Цевоимы дæлвæз æмæ æдзæрæг быдыры
ацы фарс цы хæхты рагъ ис, уырдæм.
19Уыцы заман Израилы иунæг куырд дæр нæ
уыди — филистимæгтæ тарстысты, дзуттæгтæ
сæхицæн кæрдтæ æмæ æрцытæ куы саразой,
уымæй. 20Алы израилаг дæр йæ дзыргъа, йæ
рувæн, йæ фæрæт кæнæ йе ’хсырф цыргъ
кæнынмæ филистимæгтæм хаста. 21Цыргъгæ-
нæггаг та — дзыргъайæн, рувæнæн, æртæкъа-
хыгæн, фæрæтæн, фостæрæн хъилæн — ше-
келæн йæ дыууæ æртыккаг хайы. 22Тохы бон
куы ралæууыд, уæд Саул æмæ Ионатанимæ
цы адæм уыд, уыдонæй никæмæ разынди
нæдæр кард, нæдæр арц. Ахæм хæцæнгæрзтæ
æрмæст Саул æмæ йæ фырт Ионатанмæ уыди.
23Филистимæгты æфсæддон къорд рацыди
Михмасмæ бацæуæн бахъахъхъæнынмæ.

**14** Иу бон Ионатан, Саулы фырт, йæ хотых-
дарæн загъта: «Цæй æмæ, уæртæ фалæрды-
гæй цы филистимаг æфсæддон къорд лæууы,
уымæ бахъуызæм». Æрмæст йæ фыдæн уый
тыххæй ницы ской кодта.
2Ныр Саул та Гевæйы арæныл, Мигроны,
æрлæууыди гранат бæласы бын. Йемæ уыд
иу-æхсæзсæдæ лæджы. 3Уыдонимæ — Ахи-
тувы фырт Ахийа дæр, ефод-иу хæрдмæ чи
систа, уый, раздæр Силомы Дунедарæджы
сауджын чи уыди, уыцы Елиайы байзæддаг.
Ахитув æмæ йе ’фсымæр Ихавод Елиайы
фырт Пинхасы фырттæ уыдысты. Саулимæ
цы адæм уыд, уыдонæй дæр ничи зыдта,
Ионатан кæй ацыд, уый.
4Ионатан филистимæгты къорды ’рдæм
кæуылты хъуызыд, уымæн йæ фæйнæфарс

уыди дыууæ цыргъ къæдзæхы. Сæ иу хуын-
ди Боцец, иннæ та — Сенне. 5Иу дзы уыди
цæгатæрдыгæй, Михмасы ныхмæ, иннæ
та — хуссарæрдыгæй, Гевæйы ныхмæ. 6Ио-
натан йæ хотыхдарæн загъта: «Цæй æмæ
ацы æнæсунæттæм бахъуызæм. Кæд нын
Дунедарæг баххуыс кæнид — Уымæн зын
нæу махæн уæлахиз раттын, фæнды бирæ
уæм, фæнды — чысыл». 7Йæ хотыхдар ын
дзуапп радта: «Куыддæриддæр дæ фæнды,
афтæ бакæн. Дæхиуыл куыд æууæндыс, мæ-
ныл дæр афтæ æууæнд».
8Ионатан загъта: «Æввахс бацæуæм ацы
адæммæ, куыд нæ бафиппайой, афтæ. 9Куы
нын зæгъой: „Фæлæуут, цалынмæ уæм нæ-
хæдæг ныццæуæм, уæдмæ“, уæд æрлæу-
дзыстæм, нæ сæм ссæудзыстæм. 10Фæлæ
нын афтæ куы зæгъой: „Ссæут нæм“, уæд
уымæй базондзыстæм, Дунедарæг нын
сæ нæ къухтæм кæй радта, уый. Æмæ сæм
ссæудзыстæм».
11Филистимæгтæ сæ куы федтой, уæд загъ-
той: «Мæнæ дзуттæгтæ се ’мбæхсæн цъас-
сытæй рацыдысты». 12Æмæ Ионатан æмæ
йæ хотыхдармæ фæсидтысты: «Ссæут нæм,
цыдæр зæгъинаг уын стæм!» Ионатан йæ
хотыхдарæн загъта: «Рацу мæ фæдыл! Дуне-
дарæг сæ Израилы къухтæм дæтты». 13Æмæ
Ионатан схылди уæлæмæ, къæдзæхыл йæ
къухтæ æмæ йæ къæхтæй хæцгæйæ, хотых-
дар дæр — йæ фæдыл. Филистимæгтыл сæхи
ныццавтой, æмæ уыдон хаудысты Ионатаны
раз. Йæ хотыхдар йæ фæдыл цыд æмæ сæ
мардта. 14Уыцы фыццаг тохы Ионатан æмæ
йæ хотыхдар амардтой ссæдз лæджы бæрц.
Уый æрцыди, галты цæд боны æрдæгмæ
кæй бахуым кæны, уыйас зæххы гæппæлыл.
15Филистимæгтæ иууылдæр фæудаист сты:
рæсæнуаты æмæ йæ алфамбылай чи уыдис,
уыдон, стæй бæстæ гæныстонгæнджытæ
æмæ Михмасмæ бацæуæн хъахъхъæнджытæ
се ’ппæт дæр æмризæджы рызтысты. Æгас
зæхх дæр нынкъуысыд, æмæ Хуыцау стыр
тас бафтыдта филистимæгтыл.
16Саулы бæрæгдзаутæ Бениамины Гевæ-
йæ уыдтой, филистимæгтæ фыр адæргæй
куыд схъомпал сты, уый. 17Саул, йемæ чи
уыд, уыдонæн загъта: «Æркæсут адæммæ
æмæ сбæрæг кæнут, нæхионтæй ардыгæй
чи ацыд, уый». Æркастысты, æмæ Ионатан
æмæ йæ хотыхдар бынаты нæ разындысты.
18Саул Ахийайæн загъта: «Æрбахæсс-ма Ху-
ыцауы Фидыды Чырын». Уымæн æмæ уыцы
заман Фидыды Чырын израилæгтæм уыди.
19Фæлæ Саул йæ ныхас нæма фæци, афтæ
филистимæгтæ сæ рæсæнуаты бынтондæр
скатай сты, æмæ Саул сауджынæн загъта:
«Фæлæуу-ма».
20Саул æмæ йæ адæм ныхъхъæр кодтой
æмæ хæцæнмæ абырстой. Æмæ дын мæнæ
филистимæгтæ сæ кæрдтæ куы сласиккой
кæрæдзимæ. Фыд азар сыл бафтыд. 21Дзут-
тæгтæй иуæй-иутæ раздæр уыдысты филис-
тимæгтимæ, хæцыдысты сæ фарс, фæлæ ныр
баиу сты, Саул æмæ Ионатанимæ чи уыд,
уыцы израилæгтимæ. 22Ефремы хæхбæсты
йæхи чи æмбæхста, уыцы израилæгтæ дæр,
филистимæгтæ фæлидзæг сты, уый куы
фехъуыстой, уæд сæ фæсте асырдтой æмæ
семæ схæцыдысты. 23Афтæмæй Дунедарæг
уыцы бон Израилæн радта уæлахиз.
Хæсты цæхæр анхъæвзта суанг Бет-Аве-
ны фалемæ.
24Уыцы бон израилæгтæ тынг бастадысты,
фæлæ Саул басомы кодта: «Æлгъыст фæуæд,
изæрмæ къæбæры хъæстæ чи фæуа, уый!
Хъуамæ уал раздæр ме знæгтæй мæ маст
райсон». Æмæ адæмæй хойраг йæ дзыхмæ
ничи схаста.
25Хъæдмæ цæуын сæ бахъуыд. Иу æрдузы
хъуамæ уыдаид мыды фæзгъæртæ. 26Адæм
федтой, мыд куыд тæдзы, уый, фæлæ дзы
йæ дзыхмæ ничи схаста, уымæн æмæ æл-
гъыстæй тарстысты. 27Ионатан та нæ фе-
хъуыста, йæ фыд адæмыл æлгъысты азар
кæй сæвæрдта, уый. Йæ лæдзæджы кæрон
мыды стылдта, ацахуыста дзы, æмæ йæ
цæсгом фæрухс ис. 28Уæд ын чидæр афтæ
бакодта: «Дæ фыд адæмæн загъта, æлгъыст,
дам, фæуæд, ацы бон къæбæр чи сахода, уый.
Æмæ адæм бастадысты».
29Ионатан загъта: «Мæ фыды аххосæй уын-
гæджы фесты адæм. Æрбакæсут-ма, уыцы
мыдæй куы сахуыстон, уæд мæ цæсгом ку-
ыд фæрухс! 30Уæдæ адæм дæр, знагæй цы
байстой, уымæй абон куы бахордтаиккой,
уæд филистимæгтæ тынгдæр дæрæнгонд
не ’рцыдаиккой?»
31Уыцы бон израилæгтæ ныддæрæн кодтой
филистимæгты æмæ сæ Михмасæй Айа-
лонмæ аппæрстой. Тынг бастадысты адæм.
32Тæлæттаг фыстæ, стуртæ æмæ родтыл
сæхи ныццавтой æмæ-иу сæ зæххыл æрбар-
гæвстой. Сæ туг-иу нæма рацыди, афтæмæй
сæ хордтой. 33Саулмæ фæхабар чындæуыд:
«Мæнæ адæм Дунедарæджы раз тæригъæды
цæуынц — фыдызгъæл тугимæ хæрынц».
Саул загъта: «Тæригъæд ми бакодтат. Æр-
батулут-ма мæм стыр дур». 34Уый фæстæ
Саул загъта: «Æрзилут адæмыл æмæ сын

зæгъут: алчидæр мæм æрбакæнæд йæ гал
кæнæ йæ фыс. Ам сæ æргæвдут æмæ хæ-
рут. Дунедарæджы раз тæригъæды ма цæут,
фыдызгъæл тугимæ ма хæрут». Æмæ уыцы
æхсæв æппæт адæм дæр æрбакодтой сæ фос
æмæ сæ уым æргæвстой. 35Афтæмæй Саул
Дунедарæгæн сарæзта нывондхæссæн. Уый
йæ конд нывондхæссæнтæн уыди сæ фыццаг.
36Саул загъта: «Ахсæв филистимæгты
фæдыл абырсæм æмæ сæ бастигъæм. Сæу-
мæцъæхтæм дзы иу дæр удæгасæй маувал
ныууадзæм». Загътой йын: «Куыд дæ фæнды,
афтæ бакæн». Фæлæ сауджын загъта: «Хуы-
цауы уал бафæрсæм».
37Саул бафарста Хуыцауы: «Филистимæг-
ты фæдыл абырсон? Израилы къухтæм сæ
ратдзынæ æви нæ?» Фæлæ йын Хуыцау уыцы
бон ницы дзуапп радта.
38Уæд Саул загъта: «Ардæм-ма рацæут,
адæмы хицæуттæ, уе ’ппæт дæр, æмæ сбæ-
рæг кæнут, абоны тæригъæд цæй мидæг ис,
уый! 39Сомы кæнын Дунедарæгæй, Израи-
лæн уæлахиз чи радта, Уымæй — суанг мæ
фырт Ионатан куы разына азымджын, уæд
уый дæр æнæмæнг мард æрцæудзæн!» Фæ-
лæ йын æппæт адæмæй дзуапп ничи радта.
40Саул Израилы адæмæн загъта: «Сымах
слæууут иуæрдыгæй, æз та мæ фырт Иона-
танимæ — иннæрдыгæй». Саулæн загътой:
«Куыд дæ фæнды, афтæ бакæн».
41Саул Дунедарæгмæ скуывта: «Израилы
Хуыцау! Дæ цагъарæн абон дзуапп цæуылнæ
радтай? Кæд азымджын æз æмæ мæ фырт
Ионатанæй исчи у, уæд, о Дунедарæг, Изра-
илы Хуыцау, хæлттæй схауын кæн „урим“,
кæд æмæ азымджын Израилы адæм сты,
Дæ адæм, уæд та — „туммим“». Схаудта
Ионатан æмæ Саулы хал, адæм та æназым
разындысты.
42Саул загъта: «Ныр та æз æмæ мæ фырт
Ионатаны тыххæй сæппарут хæлттæ». Схауд-
та Ионатаны хал.
43Саул Ионатанæй æрдомдта: «Цы бакод-
тай? Зæгъ-ма мын æй». Ионатан ын дзуапп
радта: «Мæ лæдзæджы кæронæй мыдæй аца-
хуыстон. Фæлæ ныр цæттæ дæн амæлынмæ».
44Саул загъта: «Афтæтæ æмæ уфтæтæ, стæй
мын ноджы фыддæртæ бакæнæд Хуыцау, ды,
Ионатан, куынæ амæлай, уæд!» 45Фæлæ адæм
Саулæн загътой: «Ау, Ионатан хъуамæ амæла,
Израилæн ахæм стыр уæлахиз чи æрхаста,
уый? Тобæ зæгъ! Сомы кæнæм Дунедарæгæй,
йæ сæрæй иу æрду дæр не ’рхаудзæн, уымæн
æмæ йын абон Хуыцау радта уыцы уæлахиз».
Афтæмæй адæм фервæзын кодтой Ионатаны:
йæ сæры хыгъдмæ æрхастой нывонд, æмæ
сæрæгасæй баззади.
46Саул ныууагъта филистимæгты æмæ
фæстæмæ раздæхти. Филистимæгтæ дæр
ацыдысты сæ бæстæм.

47Саул Израилы æрфидар кодта йæ пад-
дзахдзинад æмæ йæ алфамбылай знæгтæй
алкæимæ дæр хæцыди: тох кодта моавæгтæ,
аммонæгтæ, едомæгтæ, Цовайы паддзах
æмæ филистимæгтимæ. Кæдæмдæриддæр-
иу бабырста, уым-иу фæуæлахиз. 48Хæцыди
хъæбатырæй. Ныддæрæн кодта амалекаг
лæбурджыты æмæ сын сæ азарæй фервæзын
кодта Израилы адæмы.
49Саулæн уыди фырттæ: Ионатан, Ишви
æмæ Малкишуа. Йæ дыууæ чызгæй хистæр
хуынди Мерав, кæстæр та — Мелхолæ. 50Йæ
ус — Ахимаацы чызг Ахиноам. Йе ’фсады
хицау хуынди Авнер. Уый уыди Саулы фыды
’фсымæр Неры фырт. 51Саулы фыд Киш æмæ
Авнеры фыд Нер Авиелы фырттæ уыдысты.
52Саулы заман филистимæгтимæ иудадзыг
цыди карз хæст. Саул-иу тыхджын æмæ æх-
сарджын лæгыл куы амбæлди, уæд-иу æй йе
’фсадмæ æрбакодта.

**15** Самуел загъта Саулæн: «Дунедарæг
мæ рарвыста дæу Йæ адæмæн, Израилæн,
паддзахæй байсæрдынмæ. Гъемæ байхъус,
Дунедарæг дын цы фæдзæхсы, уымæ. 2Афтæ
зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг: „Нæ Мæ
ферох, амалекæгтæ Израилæн цы бакодтой,
уый: Мысырæй куы рацыди, уæд ын йæ фæн-
дагыл сæвæрдтой цæлхдур. 3Ныр цу æмæ
ныццæгъд амалекæгты. Цыдæриддæр сæм
ис, уыдон сын ныффалгæрон кæнут. Ма сын
фæтæригъæд кæн: нæлгоймагæй, сылгойма-
гæй, тырынæй, дзидзидайæ, галæй, фысæй,
теуайæ, хæрæгæй — се ’ппæты дæр амар“».
4Саул адæммæ фæсидт æмæ сæ Телаимы
банымадта: дыууæсæдæ мин фистæджы,
стæй ма Иудæйы хæдзарвæндагæй дæр дæс
мин лæджы. 5Саул амалекæгты сахары онг
бахæццæ ис æмæ тæрфы сæ размæ бабадти.
6Кенæгтæн афтæ бафæдзæхста: «Амалекæг-
ты ’хсæнæй рацæут, нæ мæ фæнды уыдони-
мæ сымах дæр бабын кæнын. Уымæн æмæ
Израилы адæмæн, Мысырæй куы цыдысты,
уæд хæрзгæнæг разындыстут». Æмæ кенæг-
тæ амалекæгты ’хсæнæй рацыдысты.
7Саул амалекæгты басаста, дæрæнгæнгæ
сæ йæ разæй айста Хавилайæ суанг Мысыры
æмарæн Шуры онг. 8Амалекаг паддзах, Агаг,
удæгасæй йæ къухы бафтыд, йæ адæмы та

йын кардæй фæцагъта. 9Фæлæ Саул æмæ
йæ адæм фæтæригъæд кодтой Агагæн, нæ
сæ бафæндыд фыстæ æмæ стурты хуыз-
дæрты, хæрзхаст родтæ æмæ уæрыччыты
ныццæгъдын. Цæвиттон, зынаргъдæрæй
цы уыд, ууыл бацауæрстой, æвзæрдæр æмæ
ницæйаргдæрæй цы разынд, уыдон та ныф-
фалгæрон кодтой.
10Дунедарæг Самуелæн загъта: 11«Фæсмон
кæнын, Саулы паддзахæй кæй сæвæрдтон,
ууыл, уымæн æмæ Мæ уый йе ’ргом аздæхта
æмæ Мын Мæ фæдзæхст нæ сæххæст кодта».
Самуелæн йæ маст ссыгъди æмæ æхсæв-
бонмæ дзынæзта Дунедарæгмæ. 12Сæумæ-
райсом араст ис Саулы агурæг.
Самуелæн фехъусын кодтой, Саул Кармел-
мæ бацыди, уым йæхицæн кады цыртдзæ-
вæн ныссагъта, стæй уырдыгæй рацыди æмæ
Гилгалмæ ныххæццæ ис, зæгъгæ. 13Самуел
Саулыл куы бамбæлди, уæд ын Саул загъта:
«Дунедарæджы арфæ дæ уæд! Æз сæххæст
кодтон Дунедарæджы фæдзæхст». 14Фæлæ
йын Самуел афтæ: «Уæдæ уый цавæр фыс-
ты уасын уайы мæ хъустыл, цавæр стурты
богътæ хъусын æз?» 15Саул ын дзуапп радта:
«Амалекæгтæй сæ æрбатардтой адæм. Фыстæ
æмæ стуртæн сæ хуыздæртыл бацауæрстой,
цæмæй сæ Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн, æр-
хæссой нывондæн. Иннæты се ’ппæты дæр
ныццагътам».
16Самуел Саулы фæурæдта: «Дæ дзыхыл
хæц! Дысон мын Дунедарæг цы раргом кодта,
уый дын радзурон». Саул ын загъта: «Радзур».
17Самуел зæгъы: «Кæд дæхи цæсты ницы
уыдтæ, уæддæр Израилы хæдзарвæндæгтæн
сæ сæргъы нæ лæууыс, æви? Дунедарæг дæ
Израилæн байсæрста паддзахæй. 18Стæй
дæ Дунедарæг арвыста æмæ дын загъта:
„Ацу æмæ уыцы тæригъæдджынтимæ, ама-
лекæгтимæ, схæц, цалынмæ сæ — Мæнæн
нывонды охыл — ныццæгъдай, уæдмæ“.
19Дунедарæгмæ цæуылнæ байхъуыстай?
Тæлæттаг фосыл дæхи цы ныццавтай æмæ
Дунедарæджы раз фыдми цæмæн сарæзтай?»
20Саул ын дзуапп радта: «Æмæ æз Ду-
недарæгмæ куы байхъуыстон. Араст дæн,
кæдæм мæ арвыста, уырдæм, æрбакодтон
амалекаг паддзах Агагы æмæ амалекæгты
ныццагътон — Дунедарæгæн нывонды охыл.
21Цæгъдинаг фыстæ æмæ стуртæн та адæм
сæ хуыздæртæ уый тыххæй райстой, цæмæй
сæ Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн, нывондæн
æрхæссой Гилгалы».
22Самуел ын загъта: «Ау, Дунедарæгæн
иууылсудзинæгтæ æмæ иннæ нывæндтæ Йæ
дзырдмæ Йын хъусынæй æхцондæр фесты?
Нæ! — уисæн кæнын хуыздæр у нывондæй,
коммæ кæсын та — тохъхъылты фиуæй. 23Иу
у сæ азым дæсныфæрсæг æмæ æнæсæтто-
нæн, хæдзарон хуыцаугæндтæн кувæг æмæ
хивастæн. Дунедарæджы фæдзæхстыл дæхи
кæй атигъ кодтай, уымæ гæсгæ дыл Уый
дæр атигъ кодта Йæхи, цæмæй паддзахиуæг
мауал кæнай».
24Саул загъта Самуелæн: «Аххосджын дæн
æз — нæ сæххæст кодтон Дунедарæджы фæ-
дзæхст æмæ дæ дзырд. Адæмæй фæтарстæн
æмæ сæм байхъуыстон. 25Фæлæ мын ныр
мæ тæригъæд ныххатыр кæн, мемæ раздæх,
æмæ æз Дунедарæгмæ скувон». 26Самуел ын
дзуапп радта: «Нæ раздæхдзынæн демæ. Ду-
недарæджы фæдзæхстыл атигъ кодтай дæхи,
æмæ дыл Дунедарæг дæр Йæхи атигъ код-
та — Израилæн нал уыдзынæ йæ паддзах».
27Самуел, ацæуон, зæгъгæ, куыд фæзылд,
афтæ йын Саул йæ пæлæзы фæччи ацахста,
æмæ йын аскъуыд. 28Самуел ын загъта: «Гъе
афтæ дæуæй дæр абон Дунедарæг ратыдта
Израилы паддзахад æмæ йæ радта æндæрæн,
дæуæй хуыздæрæн. 29Израилы кадджын
Хуыцау Йæ дзырд нæ сайы æмæ нæ фæфæс-
мон кæндзæн Йæ тæрхоныл, уымæн æмæ
адæймаг нæу — Йæ тæрхон нæ ивы».
30Саул загъта: «Аххосджын дæн, фæлæ
мæ, дæ хорзæхæй, адæмы хистæртæ æмæ
æппæт Израилы цæсты ма бафтау. Мемæ
раздæх, æмæ æз Дунедарæгмæ, дæ Хуы-
цаумæ, скувон». 31Самуел раздæхти Саулы
фæдыл, æмæ Саул Дунедарæгмæ скуывта.
32Уый фæстæ Самуел загъта: «Æрбакæнут
мæм амалекаг паддзах Агагы». Агаг æм зыр-
зыргæнгæ æрбацыди æмæ зæгъы: «Бæгуы мæ
фæивгъуыдта карз мæлæты азар!» 33Фæлæ
Самуел загъта: «Дæ кард сылгоймæгты сæ
цотæй æнæхай куыд кодта, афтæ дæ мад дæр
йæ фыртæй æнæхай фæуæд!» Æмæ Гилгалы,
Дунедарæджы раз, аргæвста Агагы.
34Стæй Самуел ацыди Рамамæ. Саул дæр
ссыд йæ хæдзармæ, Саулы Гевæмæ. 35Самуел
йæ амæлæты бонмæ дæр нал федта Саулы,
кæд ыл хъынцъым кодта, уæддæр. Фæлæ
ницыуал гæнæн уыд — Дунедарæг фæфæс-
мон кодта, Саулы Израилæн паддзахæй кæй
сæвæрдта, ууыл.

**16** Дунедарæг загъта Самуелæн: «Кæдмæ
хъынцъым кæндзынæ Саулыл? Æз ыл атигъ
кодтон Мæхи — уый нал уыдзæн Израилы
паддзах. Сыкъа сойæ байдзаг кæн æмæ цу,
æрвитын дæ вифлеемаг Йессеймæ. Уымæн

йæ фырттæй Æз равзæрстон иуы, цæмæй
йæ паддзахæй сæвæрон». 2Уæд Самуел афтæ
зæгъы: «Куыд ацæуон? Саул хабар фехъус-
дзæн æмæ мæ амардзæн».
Дунедарæг загъта: «Иу дыгæрдыг демæ
акæн, æмæ-иу зæгъ: „Дунедарæгæн нывонд
хæссынмæ æрбацыдтæн“. 3Нывонд æрхæс-
сынмæ-иу æрбахон Йессейы, æмæ дын Æз
бацамондзынæн, цы гæнгæ у, уый: кæмæй
дын зæгъон, уый Мын-иу байсæрд».
4Самуел бакодта, Дунедарæг ын куыд загъ-
та, афтæ. Вифлееммæ куы бахæццæ, уæд
тарстхуызæй йæ размæ рацыдысты сахары
хистæртæ æмæ йæ бафарстой: «Хорз хабари-
мæ сæмбæлдтæ?» 5Дзуапп сын радта: «Хорз
хабаримæ. Дунедарæгæн нывонд æрхæс-
сынмæ æрбацыдтæн. Уæхи ссыгъдæг кæнут
æмæ мемæ нывонд æрхæссынмæ рацæут».
Йессейы йæ фырттимæ ссыгъдæг код-
та Самуел æмæ сæм нывонд æрхæссынмæ
фæсидти. 6Куы ’рбацыдысты, уæд федта
Йессейы фырт Елиавы æмæ йæхинымæр
загъта: «Бæгуыдæр, Дунедарæджы раз лæууы
Йæ байсæрст!» 7Фæлæ Дунедарæг Самуе-
лæн загъта: «Йæ уынд æмæ йын йæ асмæ
ма кæс, ауыл атигъ кодтон Мæхи. Уымæн
æмæ Хуыцау адæймаджы цæстæй нæ кæсы.
Адæймаг йæ цæстæй цы уыны, уымæ кæсы,
Дунедарæг та — зæрдæмæ».
8Уæд Йессей фæдзырдта Авинадавмæ æмæ
йæ Самуелы рæзты рацæуын кодта. Самуел
загъта: «Дунедарæг уый дæр нæ равзæрста».
9Уæд ын Йессей йæ рæзты рацæуын кодта
Шаммайы, фæлæ та Самуел загъта: «Ду-
недарæг уый дæр нæ равзæрста». 10Афтæ
Йессей Самуелы рæзты рацæуын кодта йæ
авд фырты, фæлæ Самуел загъта Йессейæн:
«Дунедарæг адонæй никæй равзæрста».
11Самуел Йессейы бафарста: «Адон де
’ппæт цот сты?» Йессей дзуапп радта: «Баз-
зад ма кæстæр. Ныртæккæ фыстæ хизы».
Самуел ын бафæдзæхста: «Арвит æм. Ца-
лынмæ уый æрбацæуа, уæдмæ фынгыл не
’рбаддзыстæм».
12Йессей йæм арвыста, æмæ йæ æрбакод-
той. Сырхуадул лæппу, рæсугъд цæстытæ
йын, бакастæй — зæрдæмæдзæугæ. Дуне-
дарæг Самуелæн загъта: «Байсæрд æй! Уый
у». 13Самуел сойы сыкъа райста æмæ Дави-
ды йе ’фсымæрты раз байсæрста. Уыйадыл
Дунедарæджы Уд æртыхсти Давидыл æмæ
уыцы бонæй фæстæмæ уыди йемæ. Самуел
та аздæхти Рамамæ.
14Дунедарæджы Уд ныууагъта Саулы, æмæ
йæ Дунедарæгæй æрвыст фыдмон удхарæй
мардта. 15Саулæн йæ дæлдæртæ загътой: «Ху-
ыцауæй æрвыст фыдмон дæ удхарæй мары.
16Нæ хицау бардзырд раттæд йæ разы лæууæг
цагъартæн, цæмæй дын, хъисыныл дæсны чи
цæгъды, ахæм адæймаджы бацагурой. Æмæ
дæ Хуыцауы æрвыст фыдмон куы хъыгдара,
уæд-иу дын уый æрцæгъддзæн, æмæ та-иу
дын фенцондæр уыдзæн».
17Саул сын дзуапп радта: «Ссарут мын хорз
фæндырдзæгъдæг æмæ мæм æй æрбакæнут».
18Уæд ын йæ дæлдæртæй иу загъта: «Æз
зонын вифлеемаг Йессейы фырты: дæсны
фæндырдзæгъдæг, ныфсхаст лæппу, æхсар-
джын хæстон, дзырдарæхст æмæ хæрзконд,
Дунедарæг ыл ауды».
19Саул Йессеймæ арвыста минæвар, цæмæй
йын зæгъа: «Рарвит мæм Давиды, фыстæ чи
хизы, дæ уыцы фырты». 20Йессей хæрæгыл
сæвæрдта дзултæ, сæны лалым, равзæрста
иу сæныкк æмæ сæ йæ фырт Давидимæ Са-
улæн арвыста.
21Афтæмæй Давид æрцыди Саулмæ æмæ
йын лæггад кодта. Тынг фæцыди Саулы зæр-
дæмæ æмæ йæ хотыхдар скодта йæхицæн.
22Саул арвыста Йессейæн афтæ зæгъынмæ:
«Уадз æмæ мын Давид лæггад кæна, уымæн
æмæ мæ зæрдæмæ фæцыд». 23Æмæ-иу Ху-
ыцауы æрвыст фыдмон Саулы куы хъыг-
дардта, уæд-иу Давид йæ къухмæ райста
хъисын æмæ цагъта. Саулæн-иу фенцон ис,
йæ чемы-иу æрцыди, æмæ-иу æй фыдмон
ныууагъта.

**17** Филистимæгтæ хæстмæ рацыдысты, се
’фсæдтæ æрæмбырд кодтой Иудæйы зæххыл,
Сохойы. Рæсæнуат скодтой Эфес-Даммимы,
Сохойæ Азекайы ’хсæн. 2Саул æмæ Израилы
æфсад дæр æрæмбырд сты. Æрбынат кодтой
Теревинфы дæлвæзы æмæ филистимæгтимæ
тохмæ сæхи æрцæттæ кодтой. 3Филисти-
мæгтæ лæууыдысты иу хохыл, израилæгтæ
та — иннæ хохыл. Се ’хсæн уыди дæлвæз.
4Филистимаг æфсадæй рацыд иу богал,
йæ ном — Голиаф, Гаты сахайраг. Йæ ас —
æхсæз æлмæрины æмæ уылынг. 5Йæ сæрыл
уыд æрхуы тахъа, йæ уæлæ та — фондз мин
шекелы чи ласта, ахæм згъæрхæдон, æрхуы
цæгтæй конд. 6Йæ къæхтыл уыд æрхуы зæн-
гæйттæ, йæ фæсонтыл — æрхуы уарт. 7Йæ
арцы хъæд — тынуафæн хъилы йас, арцæн
йе ’фсæйнаг бырынкъ ласта æхсæзсæдæ ше-
келы. Йæ разæй цыд йæ уартхæссæг. 8Голиаф
æрлæууыд æмæ ныхъхъæр кодта Израилы

**17:2** Теревинф – фисташкæ бæласы мыггаг.

ӕфсады ’рдӕм: «Цӕмӕн рацыдыстут, хӕс-
тӕргомӕй цы ’рлӕууыдыстут? Ӕз филисти-
маг куы дӕн, сымах та — Саулы цагъартӕ!
Равзарут уе ’хсӕн иу лӕг, ӕмӕ мӕм ӕрхизӕд.
9Кӕд йӕ бон мемӕ рахӕцын суа ӕмӕ мӕ
амара, уӕд уын мах уыдзыстӕм цагъартӕ.
Ӕз ыл фӕтых дӕн ӕмӕ йӕ амардтон, зӕгъ-
гӕ, уӕд та нын сымах уыдзыстут цагъартӕ
ӕмӕ нын кӕндзыстут лӕггад». 10Ноджы ма
филистимаг загъта: «Фидиссаг уӕ кӕндзы-
нӕн абон, Израилы ӕфсад! Рарвитут мӕм
иу хӕстон, ӕмӕ лӕгӕй-лӕгмӕ рахӕцӕм».
11Саул ӕмӕ ӕппӕт израилӕгтӕ филисти-
магӕй уыцы ныхӕстӕ куы фехъуыстой, уӕд
фӕудаист сты, стыр тас сӕ бацыди.
12Давид уыд ефрафаг, иудейаг Вифлеемы
цӕрӕг Йессейы фырт. Йессейӕн аст фырты
уыди. Саулы заман бацыд йӕ зӕронды ка-
ры. 13Йе ’ртӕ хистӕр фырты Саулы фӕдыл
ацыдысты хӕцынмӕ. Сӕ нӕмттӕ уыдысты:
хистӕрӕн — Елиав, дыккагӕн — Авинадав,
ӕртыккагӕн та — Шамма. 14Давид уыди
ӕфсымӕрты кӕстӕр. Ӕртӕ хистӕры ацы-
дысты Саулы фӕдыл, 15Давид та-иу Саулӕй
ацыд Вифлееммӕ, йӕ фыды фыстӕ хизынмӕ,
стӕй та-иу фӕстӕмӕ ӕрбаздӕхт.
16Филистимаг-иу райсомӕй дӕр ӕмӕ
изӕрӕй дӕр рацыд ӕмӕ-иу израилӕгты
раз хылӕргомӕй ӕрлӕууыд. Афтӕ кодта
дыууиссӕдз боны дӕргъы.
17Йессей йӕ фырт Давидӕн бафӕдзӕхста:
«Райс-ма де ’фсымӕртӕн мӕнӕ ацы цӕкуы-
ты ефӕ ӕмӕ ацы дӕс дзулы ӕмӕ сын сӕ
рӕвдз рӕсӕнуатмӕ фӕхӕццӕ кӕн. 18Ацы
дӕс цыхты та ахӕсс миныхицауӕн. Фен,
де ’фсымӕртӕ куыд сты, цы сты, уый ӕмӕ,
ӕнӕфыдбылыз кӕй сты, уый нысанӕн сӕ
исты ӕрбахӕсс. 19Де ’фсымӕртӕ Саул ӕмӕ
иннӕ израилӕгтимӕ Теревинфы дӕлвӕзы
филистимӕгтимӕ хӕцынц».
20Давид райсомӕй раджы фысты дзуг уӕ-
тӕргӕсы ӕвджид бакодта ӕмӕ аласта йӕ
уаргъ, Йессей йын куыд бафӕдзӕхста, афтӕ.
Куы бахӕццӕ, уӕд ӕфсӕдтӕ хӕстӕввонгӕй
рацӕйцыдысты, тохы хъӕр систой, афтӕ-
мӕй. 21Израилӕгтӕ ӕмӕ филистимӕгтӕн
се ’фсӕдтӕ ныхӕй-ныхмӕ ӕрлӕууыдысты.
22Давид йӕ уаргъ рӕсӕнуатгӕсмӕ фӕуагъта
ӕмӕ ӕфсӕдты цурмӕ ауади. Куы бахӕццӕ,
уӕд йе ’фсымӕртӕн салам радта. 23Семӕ
куыд ныхас кодта, афтӕ та дын мӕнӕ фи-
листимӕгты ӕфсадӕй размӕ куы рацӕуид
сӕ богал, йӕ ном — Голиаф, Гаты сахайраг.
Йӕ фидистӕ та йӕ разӕй фесты, ӕмӕ йын
сӕ Давид фехъуыста.
24Израилӕгтӕ иуууылдӕр, уыцы лӕ-
джы фенгӕйӕ, фыр тӕссӕй лидзӕг фесты.
25Дзырдтой: «Уынут, размӕ чи рацыд, уыцы
лӕджы? Израилӕн фидистӕ кӕны. Чи йӕ
амарид, уымӕн паддзах балӕвар кӕнид
бирӕ исбон ӕмӕ йын раттид йӕ чызджы,
стӕй йын йӕ бинонты суӕгъд кӕнид хъа-
лон фидынӕй».
26Давид йӕ цуры лӕуджыты бафарста:
«Уыцы филистимаджы чи амара ӕмӕ Израи-
лы фидистӕй чи бахиза, уымӕн цавӕр хорзы
бацыдӕуыдзӕн? Чи у, чи, уыцы ӕнӕсунӕт
филистимаг, цы фидистӕ кӕны удӕгас Хуы-
цауы ӕфсадӕн?» 27Адӕм ын раздӕры ныхӕс-
тӕ рафӕзмыдтой: «Ахӕм ӕмӕ ахӕм хӕрзтӕ
ӕрцӕудзӕн, чи йӕ амара, уыцы лӕгыл».
28Давид адӕмимӕ цы ныхӕстӕ кодта, уы-
дон фехъуыста йӕ хистӕр ӕфсымӕр Елиав.
Йӕ маст ӕм рафыхт ӕмӕ йын загъта: «Ар-
дӕм цӕмӕн ӕрбацыдтӕ? Ӕдзӕрӕг быдыры
нӕ чысыл фысты дзуг кӕй ӕвджид бакод-
тай? Ӕз зонын, ды къӕйных ӕмӕ налат кӕй
дӕ, уый. Дӕ зӕрдӕйы дзӕбӕхӕн хӕстмӕ
бакӕсынмӕ ӕрбацыдтӕ». 29Ӕмӕ загъта
Давид: «Омӕ цы ракодтон? Бафӕрсын аипп
у?» 30Йе ’ргом ӕндӕрӕрдӕм аздӕхта ӕмӕ
та ногӕй бафарста. Адӕм та йын раздӕры
дзуапп радтой.
31Давиды ныхӕстӕ фехъуыстӕуыд, ӕмӕ
сӕ рафӕзмыдтой Саулӕн. Уый йӕм фӕсидти.
32Давид Саулӕн загъта: «Уыцы филисти-
маг йӕ ныфс макӕмӕн асӕттӕд. Дӕ цагъар
ацӕудзӕн ӕмӕ рахӕцдзӕн йемӕ». 33Саул
Давидӕн загъта: «Нӕ бафӕраздзынӕ ды
йемӕ хӕцын. Ды нырма лӕппу дӕ, уый та
йе ’взонджы бонтӕй нырмӕ — фӕлтӕрд
хӕстон». 34Фӕлӕ Давид Саулӕн загъта: «Дӕ
цагъар хызта йӕ фыды фыстӕ. Домбай кӕ-
нӕ-иу арс куы ’рбацыд ӕмӕ-иу фыстӕй куы
аскъӕфта, 35уӕд-иу ӕй ӕз асырдтон, мӕхи-иу
ыл ныццавтон ӕмӕ-иу ын фысы йӕ дзыхӕй
скъахтон. Йӕхи-иу мыл куы ӕрбаппӕрста,
уӕд та йын-иу йӕ бинаг ӕфсӕрыл фӕхӕст
дӕн, ӕрцӕфтӕ-иу ӕй кодтон ӕмӕ-иу ӕй ӕр-
бамардтон. 36Домбайы дӕр ӕмӕ-иу арсы дӕр
амардта дӕ цагъар, ӕмӕ ацы ӕнӕсунӕт фи-
листимаг дӕр ахӕрдзӕн уыдоны хал, уымӕн
ӕмӕ фидис кӕны удӕгас Хуыцауы ӕфсадӕн».
37Ноджы ма загъта Давид: «Домбай ӕмӕ-иу
мӕ арсы дзӕмбыйӕ цы Дунедарӕг бахызта,
Уый мӕ ацы филистимаджы къухӕй дӕр ба-
хиздзӕни». Саул Давидӕн загъта: «Цу уӕдӕ,
ӕмӕ дын Дунедарӕг ӕххуысгӕнӕг уӕд».
38Саул йӕ хотыхтӕ скодта Давидыл. Йӕ
сӕрыл ын ӕркодта ӕрхуы тахъа, йӕ уӕлӕ

йын скодта згъæрхæдон, 39стæй йæ кард Да-
виды астæуыл æрбаста. Давид афæлвæрдта
арацу-бацу кæнын, фæлæ ахæм хотыхтыл
ахуыр нæ уыд æмæ Саулæн загъта: «Адони-
мæ цæуын мæ бон нæу, ахуыр сыл нæ дæн».
Æмæ сæ раласта, 40райста йæ лæдзæг, тæрфы
бын бацагуырдта фондз лæгъз дуры æмæ сæ
йæ фыййауы хызыны нывæрдта. Стæй, йæ
къухы зилгæ дурæхсæн, афтæмæй филис-
тимаджы ныхмæ рацыди.

41Филистимаг дæр рацыд, йæ уартхæссæг —
йæ разæй, афтæмæй хæстæгæй-хæстæгдæр
кодта Давидмæ. 42Филистимаг æй куы федта,
уæд ыл бабылысчъил, уымæн æмæ Давид уы-
дис æрыгон лæппу, сырхуадул æмæ рæсугъд.
43Филистимаг ын загъта: «Лæдзæгимæ мæм
цы рацыдтæ? Æви дын куыдз дæн?» Æмæ йæ
хуыцæуттæй ралгъыста Давиды, 44стæй йын
афтæ: «Рауай-ма, æз дын дæ мард тугдзых
мæргътæ æмæ сырдтæн раттон».

45Давид та филистимагæн ахæм дзуапп
радта: «Ды мæм кард, арц æмæ æхсаргар-
димæ рацыдтæ, æз та дæ ныхмæ цæуын
Дунедарæджы, Уæларвæфсады Бардарæджы,
фаугæ кæй кодтай, уыцы израилаг æфсады
Хуыцауы номимæ. 46Абон дæ Дунедарæг мæ
къухмæ дæтты. Амардзынæн дæ, дæ сæр
дын ракæндзынæн æмæ дæ мард дæр æмæ
филистимаг æфсады мæрдтæ дæр тугдзых
мæргътæ æмæ сырдтæн ратдзынæн. Уадз
æмæ æппæт дуне дæр базона, Израилæн
Хуыцау кæй ис, уый. 47Уадз æмæ мæнæ ацы
дзыллæ дæр, Израилы адæм, базоной, Дуне-
дарæг кард æмæ арцы руаджы кæй нæ дæтты
уæлахиз, уый. Ныр Дунедарæг Йæхæдæг
хæцы æмæ уæ ратдзæни нæ къухтæм».

48Филистимаг куыддæр Давиды ’рдæм
рацæйцыдис, афтæ Давид хæстæргомæй йæ
размæ базгъордта, 49йæ къух йæ хызыны фæ-
цавта, фелвæста дур æмæ йæ дурæхсæнæй
фехста. Дур филистимаджы ныхыл сæмбæлд
æмæ йæ батыдта. Лæг зæххыл дæлгоммæ
ахауди. 50Афтæмæй Давид филистимагыл
фæуæлахиз — æнæ кардæй, æрмæст дур-
æхсæн æмæ дурæй. Мæлæтдзаг цæф ын
ныккодта. 51Стæй Давид базгъордта филис-
тимагмæ, йæ кардыл ын ныххæцыд æмæ
йæ кæрддзæмæй сласта, æрцавта дзы фи-
листимаджы æмæ йын йæ сæр ралыг кодта.

Филистимæгтæ сæ богалы мардæй куы
федтой, уæд лидзæг фесты. 52Израилаг æмæ
иудейаг хæстонтæ уæлахизы хъæр ныккод-
той æмæ сæ Гат æмæ Екроны кулдуæрттæм
сæ разæй айстой. Филистимæгты мæрдтæй
нал зынди Шаараимы фæндаг суанг Гат æмæ
Екроны онг. 53Израилæгтæ фæстæмæ куы
раздæхтысты, уæд филистимæгты рæсæн-
уаты хорзæй цыдæриддæр ссардтой, уый
рахастой. 54Давид филистимаджы сæр систа
æмæ йæ Йерусалиммæ ахаста, йæ хотыхтæ
та йын йæхи цатыры сæвæрдта.

55Саул филистимаджы ныхмæ рацæугæ
куы федта Давиды, уæд йе ’фсады хицау
Авнеры бафарста: «Авнер, кæй фырт у уыцы
лæппу?» Авнер ын дзуапп радта: «Паддзах
цæра, нæ йæ зонын». 56Паддзах загъта: «Ба-
зон уæдæ, ацы лæппу кæй фырт у, уый».

57Давид филистимаджы куы амардта,
уæд æй, филистимаджы сæр йæ къухы, аф-
тæмæй Авнер æрбахуыдта Саулмæ. 58Саул
бафарста: «Кæй фырт дæ, лæппу?» Давид
ын дзуапп радта: «Дæ цагъар вифлеемаг
Йессейы фырт».

**18** Давид Саулимæ куы ныхас кодта, уæд
Ионатаны зæрдæмæ фæцыди, йæхи удау æй
бауарзта. 2Уыцы бон Саул Давиды йæхимæ
баурæдта, йæ фыдмæ йæ сæ хæдзармæ нал
ауагъта. 3Ионатан Давидæй загъта æрдхорд,
уымæн æмæ йæ бауарзта йæхи удау. 4Раласта
йæ пæлæз æмæ йæ æрдхорды лæварæн радта
Давидæн. Радта йын йæ хотыхтæ дæр, уыи-
мæ йæ кард, йе ’рдын æмæ йæ рон.

5Саул-иу Давиды кæдæм арвыста, уым-иу
уый алкæддæр разынд æнтыстджын, æмæ
йæ Саул сæвæрдта æфсады хицауæй. Дави-
ды бауарзтой æппæт адæм дæр æмæ Саулы
дæлдæртæ дæр.

6Давид филистимаг богалы куы амардта
æмæ æфсæдтимæ куы раздæхти, уæд-иу
Израилы алы сахарæй дæр паддзах Саулы
размæ, далатæ æмæ дзæгъдзæгъæгтæ сæ
къухы, афтæмæй цины хъæртимæ сылгой-
мæгтæ ракалдысты. Кафыдысты æмæ фыр
цинæй зарыдысты:

7 «Саул ныццагъта минтæ,
Давид та — дæсгай минтæ!»

8Саулæн йæ маст фыхти, хъыг ын уыдыс-
ты уыцы ныхæстæ. Йæхинымæр загъта:
«Давидæн радтой дæсгай минтæ, мæнæн
та — минтæ. Паддзахы бынат хъуаг ма у
æрмæстдæр». 9Æмæ зулмæ кæсын райдыдта
уæдæй фæстæмæ Давидмæ.

10Дыккаг бон та Саулыл, йæхи хæдзары
уыди, афтæмæй Хуыцауы æрвыст фыдмон
тых кæнын байдыдта, æмæ Саул феррайау ис.
Давид æй раздæрау сабыр кодта йæ цагъдæй.
Саулы къухы уыди арц, 11æмæ йыл æй фехста,
къулмæ йæ ныххуыйион, зæгъгæ. Фæлæ Да-
видæн дыууæ хатты йæхи фæсайын бантыст.

12Саул тарсти Давидæй, уымæн æмæ йыл
Дунедарæг аудыдта, Саулы та ныууагъта.
13Æмæ Саул йæхицæй адард кодта Дави-
ды. Йе ’фсады йæ миныхицауæй сæвæрдта,
æмæ Давид æфсады сæргъы цыди хæстон
балцыты. 14Йе ’ппæт хъуыддæгты дæр-иу
разынд æнтыстджын, уымæн æмæ йыл Ду-
недарæг аудыдта. 15Саул уыдта Давиды стыр
æнтыстытæ æмæ дзы тарсти. 16Израилæгтæ
æмæ иудейæгтæ та йæ се ’ппæт дæр уарзтой,
уымæн æмæ хæстон балцыты лæууыди сæ
сæргъы.
17Саул Давидæн загъта: «Мæ хистæр чызг
Меравы дын ратдзынæн. Æрмæст мын æх-
сарджын у æмæ Дунедарæджы хæстыты
архай». Йæхинымæр та дзырдта: «Мæхи
къухæй нæ, фæлæ филистимæгты къухæй
амæлæд». 18Давид Саулæн загъта: «Чи дæн
æз, æмæ чи у мæ хъæстæ æмæ мæ фыды
мыггаг Израилы? Куыд хъуамæ суон пад-
дзахы сиахс?» 19Фæлæ Саулы чызг Меравы
Давидæн раттыны афон куы æрцыд, уæд æй
мехолайаг Адриелæн радтой.
20Ныр Давиды та бауарзта Саулы иннæ
чызг, Мелхолæ. Саул уый куы фехъуыста,
уæд ын æхсызгон уыди. 21Саул ахъуыды
кодта: «Цæй æмæ йын раттон мæ чызджы.
Уый йын уыдзæни къæппæг, æмæ филисти-
мæгты къухæй амæлдзæн».
Саул загъта Давидæн: «Ныр мæ сиахс ба-
уыдзынæ». 22Æмæ йæ дæлдæртæн бафæ-
дзæхста: «Давидæн хибарæй зæгъут: „Ды
зоныс, паддзах дыл куыд ауды æмæ дæ йе
’ппæт дæлдæртæ дæр куыд уарзынц, уый.
Паддзахы сиахс дын æнæ суæвгæ нæй“».
23Саулы дæлдæртæ уыцы ныхæстæ Да-
видмæ фæхæццæ кодтой. Уый сын дзуапп
радта: «Сымахмæ гæсгæ, паддзахы сиахс
суæвын æнцон у? Æз мæгуыр дæн, адæмы
’хсæн — æнæрæгъыдзыд».
24Саулмæ йæ дæлдæртæ фæхабар код-
той, афтæ æмæ афтæ загъта Давид, зæгъгæ.
25Саул сын бафæдзæхста: «Зæгъут Давидæн:
паддзахы ирæд нæ хъæуы, æрмæст ын йе
знæгтæй йæ маст райс — амар сæдæ фи-
листимаджы, сунæт сын скæн æмæ сын сæ
лыггæгтæ паддзахмæ æрбахæсс».
Саул йæ зæрдæ дардта, ныр Давид фи-
листимæгты къухæй амæлдзæн, зæгъгæ.
26Саулы дæлдæртæ Давидæн йæ ныхæстæ
куы рафæзмыдтой, уæд йæ зæрдæмæ фæцыд
паддзахы сиахс суæвыны хъуыды. Æмгъуы-
ды бонмæ ма рæстæг уыди, 27афтæ Давид йæ
адæмимæ фæраст æмæ дыууæсæдæ филис-
тимаджы амардта. Сæ сунæты лыггæгтæ сын
æрбахаста æмæ сæ паддзахы раз æрæвæрдта,
цæмæй йæ уый йæ сиахс бакæна. Æмæ йын
Саул радта йæ чызг Мелхолæйы.
28Саул федта, Дунедарæг Давидыл кæй
ауды, йæ чызг Мелхолæ дæр æй кæй уарзы,
уый 29æмæ дзы ноджы тынгдæр старсти.
Цæрæнбонтæм ын знаг сси.
30Филистимаг æлдæрттæ-иу рацыдыс-
ты хæцынмæ, æмæ-иу Давид алы хатт дæр
Саулы иннæ дæлдæртæй æнтыстджындæр
разынд, æмæ йæ ном тынг скадджын ис.

**19** Саул загъта йæ фырт Ионатанæн æмæ йе
’ппæт дæлдæртæн, Давиды амарынмæ кæй
хъавы, уый. Фæлæ Саулы фырт Ионатан тынг
уарзта Давиды 2æмæ йæм фæхабар кодта:
«Мæ фыд Саул дæ марынмæ хъавы, æмæ-
иу райсом сæумæйæ дæхи бахиз, фæсвæд
ран-иу бамбæхс. 3Æз рацæудзынæн, ды кæм
уай, уырдæм, фæссахармæ. Уым мæ фыды
цурмæ бацæудзынæн æмæ йын дæ кой ра-
кæндзынæн. Стæй, цы фехъусон, уый дын
радзурдзынæн».
4Ионатан йæ фыд Саулæн ракодта Давиды
хорзы кой. Загъта йын: «Ма бацæуæд пад-
дзах йæ цагъар Давиды тæригъæды. Давид
ницæмæй фæтæригъæдджын дæ разы. Уый
нæ, фæлæ ма дын йæ хъуыддæгтæ бирæ
пайда дæр æрхастой. 5Йæ цард дæр æвгъау
нæ кодта, афтæмæй амардта филистимаг
богалы, æмæ Дунедарæг Израилæн радта
стыр уæлахиз. Ды уыдæттæ куы федтай æмæ
куы бацин кодтай, уæд дæ цæмæн фæнды
æназым туг ныккалын, Давиды æнаххосæй
амарын?» 6Саул байхъуыста Ионатанмæ æмæ
ард бахордта: «Сомы кæнын Дунедарæгæй,
Давиды нæ амарын кæндзынæн».
7Ионатан Давидмæ фæсидт æмæ йын
æппæт дæр радзырдта. Стæй йæ Саулмæ
бахуыдта, æмæ та Давид раздæрау лæггад
кодта Саулæн.
8Ногæй та райдыдта хæст. Давид ацыд
æмæ филистимæгтимæ схæцыди. Ныддæ-
рæн сæ кодта, æмæ лидзæг фесты.
9Хуыцауы æрвыст фыдмон та тых кæнын
байдыдта Саулыл. Йæ арц йæ къухы, афтæ-
мæй Саул йæ хæдзары бадти, Давид та йын
цагъта. 10Саулæн йæ зæрды уыди Давиды
арцæй къулмæ ныххуыйын, фæлæ Давид
йæхи фæсайдта, æмæ арц къулы ныссагъди.
Давид алыгъдис æмæ тæккæ уыцы æхсæв
йæхи бамбæхста.
11Саул йæ чапарты арвыста Давиды хæ-
дзармæ, цæмæй уым йæ размæ бабадой æмæ
йæ райсомæй амарой. Фæлæ Давидæн йæ

ус Мелхолæ загъта: «Ахсæв дæ сæр куынæ
бафснайай, уæд дæ райсом амардзысты».
12Мелхолæ Давиды рудзынгæй бынмæ æру-
агъта, æмæ уый алыгъд æмæ аирвæзт.
13Мелхолæ хæдзарон хуыцаугонд райста
æмæ йæ хуыссæныл æрæвæрдта, бамбæрзта
йæ дарæсæй æмæ йыл нывæрзæны ʼрдыгæй
сæгъы фистæй арæзт сæргъуын æркодта.
14Саулы æрвыст чапартæ Давиды æрцахсын-
мæ куы æрбацыдысты, уæд сын Мелхолæ
загъта: «Рынчын у». 15Саул та сæ ногæй арвыс-
та, уæхæдæг æй фенут, зæгъгæ. Бафæдзæхста
сын: «Æрбахæссут мæм æй æд хуыссæн, æмæ
йæ амарон». 16Чапартæ ацыдысты æмæ ху-
ыссæны баййæфтой хæдзарон хуыцаугонд,
нывæрзæны ʼрдыгæй йыл — сæгъы фистæй
сæргъуын. 17Уæд Саул Мелхолæйы бафарста:
«Цæмæн мæ афæлывтай? Ме знаджы мын
лидзын цæмæн бауагътай?» Мелхолæ йын
дзуапп радта: «Афтæ мын загъта: „Ауадз мæ,
кæннод дæ амардзынæн“».
18Давид куы алыгъд, уæд ссыди Рамамæ,
Самуелмæ, æмæ йын, Саул ын цы митæ ба-
кодта, уый радзырдта. Уыйадыл Давид æмæ
Самуел сæхи айстой Найотмæ æмæ уым
цардысты.
19Саулмæ хабаргæнæг фæци: «Давид Найо-
ты ис, Рамайы цур». 20Æмæ Саул йæ чапарты
арвыста Давиды æрцахсынмæ, фæлæ уыдон
пехуымпарты къорды, Самуел сæ сæргъы,
афтæмæй пехуымпариуæггæнгæ куы фед-
той, уæд схайджын сты Хуыцауы Удæй æмæ
уыдон дæр пехуымпариуæг кæнын райдыд-
той. 21Саул уыцы хабар куы фехъуыста, уæд
арвыста æндæр чапарты, фæлæ уыдон дæр
фыццæгты хал ахордтой. Уый фæстæ Саул ар-
выста æртыккаг чапарты къорд, фæлæ та уы-
дон дæр пехуымпариуæг кæнын райдыдтой.
22Уæд Саул йæхæдæг ацыди Рамамæ. Секу-
йы цы стыр донуат ис, уый онг бахæццæ æмæ
бафарста: «Кæм сты Самуел æмæ Давид?»
Чидæр ын афтæ: «Мæнæ Рамайы цур сты,
Найоты». 23Саул уырдæм араст. Фæндагыл
уый дæр схайджын ис Хуыцауы Удæй æмæ,
пехуымпариуæггæнгæ, схæццæ ис Рама-
йы цурмæ, Найотмæ. 24Саул дæр, иннæтау,
йæ дарæс феппæрста æмæ пехуымпариуæг
кодта Самуелы раз, цалынмæ йæ къæхтыл
лæууыд, уæдмæ. Стæй æрхауди, æнæхъæн
бон æмæ æгас æхсæв бæгънæгæй зæххыл
фæци. Уымæн афтæ фæзæгъынц: «Ау, Саул
дæр пехуымпар сси?»

**20** Давид алыгъди, Рамайы цур цы Найо-
ты сахар ис, уырдыгæй. Ионатанмæ фæцыд
æмæ йæ фæрсы: «Цы ракодтон уагæр? Цы
аххос мæм ис? Цæмæй фæтæригъæдджын
дæн дæ фыды раз, марынвæнд мæ цæмæн
кæны?» 2Ионатан ын загъта: «Тобæ зæгъ!
Нæ амæлдзынæ. Дæхæдæг æй зоныс, мæ
фыд ме ʼвастæй нæдæр стыр, нæдæр гыц-
цыл хъуыддаг аразы. Ацы хъуыддаг дæр
мæ цæмæн хъуамæ бамбæхса? Дæ гуырыс-
хотæ дзæгъæлы сты». 3Давид ард бахордта
æмæ загъта: «Дæ фыд, бæгуыдæр, зоны, хорз
зæрдæ мæм кæй дарыс, уый. Уымæ гæсгæ
йæхицæн фæзæгъы: „Ионатан мацы базо-
нæд, науæд ын хъыг уыдзæни“. Фæлæ сомы
кæнын Дунедарæгæй æмæ дæуæй: мæ цард
æрдуйыл хæцы».
4Уæд Ионатан Давидæн афтæ: «Цыдæ-
риддæр зæгъай, уый дын бакæндзынæн».
5Давид Ионатанæн загъта: «Райсом мæй-
ноджы бæрæгбон у, æмæ мын паддзахы
фынгыл бадгæ у. Фæлæ мæ ауадз, æмæ уал
иннæбон изæрмæ фæссахар мæ сæр бафс-
найон. 6Дæ фыд мæ куы агура, уæд-иу ын
зæгъ, Давид мын тынг балæгъстæ кодта, мæ
сахар Вифлееммæ ныууайон, зæгъгæ. Уым,
зæгъ, йæ мыггаг æрвылазы нывонд хæссы.
7Æмæ дын „хорз“, зæгъгæ, куы зæгъа, уæд
дæ цагъарæн ницы тас у. Фæлæ иугæр ра-
мæсты, уæд æй зон: фыдвæнд ис йæ зæрды.
8Уæдæ дæ цагъарæн уыцы хорзы бацу, уы-
мæн æмæ дзы Дунедарæджы раз æрдхорд
загътай. Кæд исты азымджын дæн, уæд та
мæ дæхæдæг амар. Цæмæн ма мæ хъæуы
дæ фыдмæ кæнын?»
9Ионатан загъта: «Тобæ зæгъ! Мæ фыд
дын фыдми бакæнинаг у, уый бæлвырд куы
базонон, уæд дын æй, ау, нæ фехъусын кæн-
дзынæн?» 10Давид æй бафарста: «Чи мæм
фæхабар кæндзæн, дæ фыд дын тызмæг
дзуапп куы ратта, уæд?»
11Ионатан Давидæн загъта: «Цом фæсса-
хармæ». Дыууæйæ дæр фæссахармæ рацы-
дысты, 12æмæ Ионатан ард бахордта Да-
видæн: «Цардæгас у Дунедарæг, Израилы
Хуыцау! Райсом ацафон кæнæ иннæбон æз
ракъахдзынæн мæ фыды, хорз зæрдæ дæм
дары æви нæ, æмæ дын æй уайтагъд фехъу-
сын кæндзынæн. 13Афтæтæ æмæ уфтæтæ,
стæй ноджы фыддæртæ фæуæд Дунеда-
рæг Ионатанæн, кæд дын мæ фыды зæрды
фыдми бакæнын ис, æмæ дæм æй куынæ
фæхабар кæнон æмæ дæ куынæ ауадзон,
уæд, цæмæй ацæуай æдасæй. Дунедарæг
дыл аудæд, мæ фыдыл куыд аудыдта, афтæ!
14Æцæг-иу мыл ды дæр, кæд ма æгас уон,
уæд, иузæрдион у Дунедарæджы сæраппонд.

15Амардтæн, зæгъгæ, уæд та-иу мын мæ
хæдзарæй дæ хорзæх макуы айс, суанг Ду-
недарæг Давиды æппæт знæгтæн сæ мыггаг
куы сыскъуына, уæд дæр». 16Афтæмæй Ио-
натан фидыд сарæзта Давиды хæдзаримæ
æмæ загъта: «Дунедарæг Давиды знæгты
бафхæрæд!» 17Æмæ та Ионатан ногæй ард
бахордта Давидæн, уымæн æмæ йæ йæхи
удау уарзта.

18Ионатан Давидæн загъта: «Райсом мæй-
ноджы бæрæгбон у, æмæ дæ агурдзысты,
уымæн æмæ дæ бынат афтид уыдзæн. 19Ин-
нæбон ноджы тынгдæр бæрæг уыдзæн, уым
кæй нæ дæ, уый. Ацу æмæ, дæхи айразмæ
кæм бамбæхстай, уым, Азелы обауы цур,
банхъæлмæ кæс. 20Æз уыцырдæм æртæ фа-
ты суадздзынæн, цыма мысанмæ хъавын,
уыйау. 21Стæй арвитдзынæн иу лæппуйы.
Зæгъдзынæн ын: „Ацу æмæ фæттæ ссар“.
Афтæ йын куы зæгъон: „Уæртæ фæттæ дæ
фæстæ сты æмæ сæ райс“, уæд-иу рацу. Сомы
кæнын Дунедарæгæй, æдас уыдзынæ, ницы
фыдбылыз дæм кæсы. 22Фæлæ лæппуйæн
афтæ куы зæгъон, уартæ фæттæ дæ разæй
сты, зæгъгæ, уæд та-иу ацу, Дунедарæг дæ
æрвиты. 23Æз æмæ ды цы фидыд сарæзтам,
уымæн та Дунедарæг мыггагмæ æвдисæн».

24Давид фæссахар йæхи баауон кодта.
Ралæууыди мæйноджы бæрæгбон, æмæ пад-
дзах æрбадти фынгыл. 25Паддзах бадти йæ
бынаты, къулрæбын, æдзух кæм бадти, уым,
Ионатан — Саулы ныхмæ, Авнер та йæ фарс-
мæ. Фæлæ Давиды бынат афтид уыд. 26Уыцы
бон Саул ницы сдзырдта. Афтæ æнхъæл уыд:
«Уый æнæнхъæлæджы хабар уыдзæн. Æвæц-
цæгæн, Давид сыгъдæг нæу». 27Мæйноджы
дыккаг бон дæр Давиды бынат уыцы афтид
уыди. Æмæ Саул йæ фырт Ионатаны бафарс-
та: «Йессейы фырт знон дæр æмæ абон дæр
фынгмæ цæуылнæ æрбацыд?»

28Ионатан ын дзуапп радта: «Давид мæ
йæхи ракуырдта, Вифлееммæ, дам, ныууа-
йон. 29Загъта мын: „Ауадз-ма мæ. Сахары нæ
мыггаг нывонд хæссы, æмæ мæм ме ’фсымæр
йæхæдæг сæрвыста. Кæд мæ дæ хорзæхы
аккаг кæныс, уæд ныууайон æмæ ме ’фсы-
мæрты фенон“. Уымæ гæсгæ не ’рбацыди
паддзахы фынгмæ».

30Саулæн йæ маст рафыхти Ионатанмæ
æмæ йын афтæ: «Гъæ мæнæ хъахбай сы-
лы фырт! Афтæ æнхъæлыс, æз нæ зонын,
Йессейы фыртимæ лымæн дæ, уый? Худи-
наг уæд дæуæн дæр æмæ дæ мадæн дæр!
31Йессейы фырт цалынмæ æгас уа, уалынмæ
æдас нæ уыдзысты нæдæр дæ сæр, нæдæр
дæ паддзахы бартæ. Æвæстиатæй йæм ар-
вит æмæ мæм æй æрбакæн. Æнæ амаргæ
йын нæй».

32Ионатан бафарста йæ фыды: «Цæй тых-
хæй йæ хъæуы марын? Цы ракодта?» 33Уæд
ыл Саул йæ арц бахста, амарон æй, зæгъгæ.
Æмæ Ионатан бамбæрста, Давиды амарынил
йæ фыд цæхгæр кæй ныллæууыд, уый. 34Ио-
натан, мæстæй судзгæйæ, фынгæй фестади;
мæйноджы дыккаг бон йæ дзыхмæ комдзаг
нал схаста, уымæн æмæ хъынцъым кодта
Давидыл, стæй, йæ фыд æй кæй бафхæрд-
та, ууыл.

35Ионатан, Давидимæ куыд ныхасгонд
уыди, афтæ райсомæй йæ чысыл цагъар-
лæппуимæ фæссахармæ рацыд. 36Лæппуйæн
загъта: «Азгъор-ма, æмæ, цы фæттæ суадзон,
уыдон бацагур». Лæппу куы азгъордта, уæд
фæттæ суагъта, лæппуйы сæрты куыд атæ-
хой, афтæ. 37Ионатан фæттæ кæдæм фехста,
лæппу уырдæм бахæццæ, æмæ йæм Ионатан
ныхъхъæр кодта: «Уартæ фæттæ дæ разæй
куы сты!» 38Ноджы йæм ныхъхъæр кодта:
«Рæвдздæр! Ма фæстиат кæн!» Лæппу фæттæ
систа æмæ йæ хицаумæ æрбаздæхти. 39Ницы
бафиппайдта, æрмæст Ионатан æмæ Давид
зыдтой хъуыддаг. 40Ионатан йæ хæцæн-
гæрзтæ лæппумæ радта æмæ йын загъта:
«Сахармæ сæ ахæсс».

41Лæппу араст ис, Давид та обауы хуссар-
варсæй рацыд æмæ зæххыл ныддæлгом.
Æртæ хатты ныллæг акуывта Ионатанæн,
стæй кæрæдзийæн аба кодтой æмæ æм-
хъæлæсæй ныккуыдтой. Уæлдай тынгдæр
куыдта Давид.

42Ионатан загъта Давидæн: «Цу фарнимæ.
Дунедарæджы номæй ард кæй бахордтам,
уымæн та Дунедарæг æз æмæ дæуæн, стæй
мæ байзæддаг æмæ дæ байзæддагæн æвди-
сæн уæд мыггагмæ». 43Æмæ Давид йæ фæн-
даг адардта, Ионатан та сахармæ æрбаздæхт.

**21** Давид æрхæццæ ис Новы сахармæ, сау-
джын Ахимелехмæ. Ахимелех тарстхуызæй
йæ размæ рауад æмæ йæ афарста: «Иунæг
цæмæн дæ, демæ куыд ничи ис?» 2Давид
Ахимелехæн дзуапп радта: «Паддзах мын
иу хъуыддаг бахæс кодта æмæ мын загъта:
„Цæмæ дæ ’рвитын æмæ дын цы фæдзæхсын,
уый мачи базонæд“. Мæ адæмы та бæрæг
ранмæ барвыстон. 3Ныр, дæ къух цы амоны,
уый мын ратт: иу-фондз дзулы, кæнæ ма
дæм цы ис, уый».

4Сауджын загъта Давидæн: «Æнæуи дзул
мæм нæй, фæлæ мæм ис кувæггаг дзул.

Æрмæст, кæд дæ адæм сæхиуыл фæхæцы-
дысты æмæ сылгоймæгтимæ нæ фесты, уæд».
5Давид ын дзуапп радта: «Хæстон балцы
куы рацæуæм, уæд сылгоймæгтæ тобæгонд
вæййынц махæн. Нæ балц Хуыцауы номыл
куы нæ вæййы, уæд дæр мæ адæм куы никуы
фæчъизи кæнынц сæхи, уæд абон куыннæ
хъуамæ баззадаиккой сыгъдæгæй?»
6Æмæ йын сауджын радта кувæггаг дзул-
тæ. Хуымæтæг дзул æм нæ уыди, фæлæ,
Дунедарæджы раз кувæндоны кæй æрæв-
вæрынц, æрмæстдæр ахæм дзултæ. Уыдон
ист æрцæуынц кувæндоны фынгæй æмæ
тæккæ уыцы бон сæ бæсты æрæвæрдæуы
ногконд дзултæ.
7Уыцы бон уым, Дунедарæджы хæдзары,
уыди Саулы дæлдæртæй иу, йæ фыййæутты
хицау, едомаг, йæ ном — Доег.
8Давид Ахимелехы бафарста: «Ам дæм арц
кæнæ кард нæ разындзæни? Мемæ нæдæр
мæ кард райстон, нæдæр мæ иннæ хотых-
тæ, уымæн æмæ мын паддзахы фæдзæхст
æвæстиатæй æххæстгæнгæ уыд». 9Сауджын
загъта: «Мæнæ Теревинфы дæлвæзы кæй
амардтай, уыцы филистимаг Голиафы кард
ефоды фæстæ кæттаджы тыхтæй лæууы.
Кæд дæ фæнды, уæд æй райс, æндæр мæм
ницы ис». Давид загъта: «Амæн дзы æмбал
нæй. Ратт мын æй».
10Тæккæ уыцы бон Давид, Саулæй лидз-
гæйæ, араст ис дарддæр, æмæ Гаты паддзах
Ахишмæ бацыд. 11Ахишæн йæ дæлдæртæ
загътой: «Уый Давид куы у, амы паддзæхтæй
иу! Ууыл зарыдысты, кафгæйæ:
„Саул ныццагътаминтæ,
Давид та — дæсгай минтæ“?»
12Давид уыцы ныхæстæ йæ зæрдыл ба-
дардта æмæ тынг фæтарсти Гаты паддзах
Ахишæй. 13Уымæ гæсгæ сæ цуры йæхи зонд-
цухæй равдыста, кулдуарыл цыдæртæ хы-
лы-мылы кодта æмæ йæ боцъойыл йæ сæт
уагъта. 14Ахиш йæ дæлдæртæн загъта: «Ацы
лæг æрра у, уый нæ уынут? Цы мæм æй æр-
бакодтат? 15Æрратæ хъуаг ма дæн! Йе ’рра
митæ мын цæмæй равдиса, уый тыххæй
мæм æй æрбакодтат? Æмæ йæ æз хъуамæ
мæ хæдзармæ бауадзон, нæ?!»

**22** Давид уырдыгæй Адулламы лæгæтмæ
алыгъд. Уый куы фехъуыстой йе ’фсымæртæ
æмæ йе ’ппæт хионтæ, уæд æм уырдæм æр-
цыдысты. 2Æрæмбырд æм сты алы æфхæрд,
алы хæсджын, алы зæрдæрыст адæм, иу
цыппарсæдæ лæджы, æмæ Давид сæ раз-
дзог сси.
3Уырдыгæй Давид ацыди моаваг сахар
Мицпамæ æмæ Моавы паддзахæн загъта:
«Мæ мад æмæ уал мæ фыд сымахмæ фæуæнт,
цалынмæ, Хуыцау мын цы сныв кодта, уый
базонон, уæдмæ». 4Æмæ сæ моаваг пад-
дзахмæ æрбакодта, æмæ уымæ баззадысты,
цалынмæ Давид йæ фидары цард, уæдмæ.
5Пехуымпар Гад загъта Давидæн: «Мауал
бад ацы фидары, Иудæйы зæхмæ ацу». Да-
вид араст ис æмæ Хереты хъæдмæ бацыди.
6Саул базыдта Давид æмæ йæ адæмы тых-
хæй, уымæн æмæ сæ кой кодтой алы ран дæр.
Уæд Саул уыди Гевæйы, къуыбырыл бадти
тамариск бæласы бын. Йæ арц уыди йæ къу-
хы, йæ дæлдæртæ æмбырдæй лæууыдысты
йæ алыварс. 7Саул сын загъта: «Байхъусут-
ма, Бениамины байзæддаг! Йессейы фырт
уе ’ппæтæн дæр бадыртæ æмæ сæндæттæ,
мыййаг, ратдзæн, уе ’ппæты дæр миныхи-
цæуттæ æмæ сæдæйыхицæуттæ скæндзæни?
8Мæ ныхмæ сусæгвæнд цæмæн скодтат?
Куыд ничи мын фехъусын кодта, мæ фырт
æмæ Йессейы фырт кæрæдзийæ æрдхæрдтæ
загътой, уый? Уæ иу дæр мын нæ фæтæри-
гъæд кодта æмæ нæ радзырдта, мæ фырт мæ
цагъары мæ ныхмæ кæй сардыдта, цæмæй
мын абон знаггад кæна».
9Дзуапп ын радта едомаг Доег (уый уым
Саулы иннæ дæлдæртимæ лæууыд): «Æз
федтон, Йессейы фырт Новы сахармæ, Ахи-
тувы фырт Ахимелехмæ, куыд æрцыд, уый.
10Ахимелех Дунедарæджы бафарста, Давид
куыд хъуамæ бакæна, уымæй, æмæ йын
радта фæндаггаг, стæй филистимаг Голи-
афы кард».
11Уæд паддзах арвыста сауджын Ахиме-
лехмæ, Ахитувы фыртмæ, стæй уымæн йе
’ппæт хæстæджытæм, Новы сауджынтæм.
Уыдон иууылдæр паддзахмæ æрцыдысты,
12æмæ Саул загъта: «Байхъус-ма, Ахитувы
фырт!» Уый дзуапп радта: «Хъусын дæм,
мæ паддзах». 13Саул æй бафарста: «Йессейы
фыртимæ мыл сусæгвæнд цæмæн скодтат?
Ды йын дзул æмæ кард радтай æмæ йын
цы кæнгæ у, уымæй Хуыцауы бафарстай,
цæмæй мæ ныхмæ рацæуа æмæ мын абон
знаггад кæна».
14Ахимелех дзуапп радта паддзахæн: «Де
’ппæт дæлдæртæй дыл Давидау иузæрдион
чи у? Паддзахы сиахс дæр у æмæ дæ хъахъ-
хъæнджыты хицау дæр. Дæ хæдзаронтæ дæр
æй тынг нымайынц. 15Хуыцауы дæр Давиды
тыххæй фыццаг хатт бафарстон, мыййаг?
Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ! Паддзах мацæ-
мæй аххосджын кæнæд нæдæр йæ цагъары,

нӕдӕр мӕ хӕстӕджыты. Ацы хъуыддаджы
дӕ цагъар мур дӕр ницы зонӕг у».
16Паддзах ын загъта: «Ӕнӕ амӕлгӕ нӕй,
Ахимелех, дӕуӕн дӕр ӕмӕ де ’ппӕт хӕс-
тӕджытӕн дӕр».
17Ӕмӕ, йӕ разы чи лӕууыд, уыцы хъахъ-
хъӕнджытӕн бардзырд радта: «Цӕугӕут
ӕмӕ Дунедарӕджы сауджынты амарут! Уы-
дон дӕр Давидимӕ ӕмдзӕхдон сты. Зыдтой,
кӕй алыгъди, уый ӕмӕ мын нӕ фехъусын
кодтой». Фӕлӕ хъахъхъӕнджыты нӕ фӕнды-
ди Дунедарӕджы сауджынтӕм сӕ къух сисын.
18Уӕд паддзах загъта Доегӕн: «Цу уӕдӕ
ды амар сауджынты». Ӕмӕ едомаг Доег сау-
джынты ныццагъта. Уыцы бон уый амардта
ӕстай фондз лӕджы, гӕнӕй уафт ефод чи
дардта, ахӕмты. 19Саул карды амӕттаг ба-
кодта сауджынты сахар Нов дӕр: нӕлгой-
магӕй, сылгоймагӕй, сабийӕ, дзидзидайӕ,
галӕй, хӕрӕгӕй ӕмӕ фысӕй — се ’ппӕты
дӕр ныццагъта. 20Аирвӕзт ма ӕрмӕст Ахи-
тувы фырт Ахимелехы фырттӕй иу, йӕ ном —
Авиафар. Алыгъди ӕмӕ Давидимӕ баиу.
21Радзырдта, Саул Дунедарӕджы сауджын-
ты кӕй амардта, уый. 22Давид Авиафарӕн
загъта: «Уыцы бон едомаг Доег уым уыд,
ӕмӕ йӕ зонгӕ кодтон, Саулмӕ ӕнӕмӕнг
дзырд кӕй бахӕсдзӕн, уый. Мӕн аххос у дӕ
мыггаджы сӕфт. 23Баззай мемӕ, тӕрсгӕ ма
кӕн. Уымӕн ӕмӕ, дӕу амарын кӕй зӕрды
ис, мӕн амарын дӕр уый зӕрды ис. Фыдбы-
лызӕй хызт уыдзынӕ мӕнмӕ».

**23** Давидмӕ хабаргӕнӕг фӕци: «Филис-
тимӕгтӕ балӕбурдтой Кеилайы сахармӕ
ӕмӕ мустыл хӕлоф кӕнынц». 2Уӕд Давид
Дунедарӕджы бафарста: «Ацӕуон ӕмӕ уы-
цы филистимӕгты басӕттон?» Дунедарӕг
ын дзуапп радта: «Ацу, филистимӕгты ба-
сӕтт ӕмӕ Кеилайы сахар ссӕрибар кӕн».
3Фӕлӕ Давидӕн йӕ адӕм загътой: «Мах
мӕнӕ Иудейы дӕр тарст куы стӕм, уӕд ку-
ыд хъуамӕ ацӕуӕм Кеиламӕ, филистимаг
ӕфсады ныхмӕ?» 4Давид та ногӕй бафарста
Дунедарӕджы, ӕмӕ йын Дунедарӕг дзуапп
радта: «Ныццу Кеиламӕ, филистимӕгты
дын дӕ къухтӕм дӕттын».
5Давид йӕ адӕмимӕ Кеиламӕ ацыд ӕмӕ
филистимӕгтимӕ схӕцыди, басаста сӕ ӕмӕ
сын сӕ фос ратӕлӕт кодта. Афтӕмӕй Да-
вид фервӕзын кодта Кеилайы цӕрджыты.
6Ахимелехы фырт Авиафар Давидмӕ куы
ӕрбалыгъд, уӕд Кеиламӕ ахаста ефод дӕр.
7Саулӕн фехъусын кодтой, Давид Кеиламӕ
кӕй ӕрцыд, уый. Ӕмӕ Саул загъта: «Хуыцау
мын ӕй мӕ къухтӕм радта. Къӕппӕджы
бахауд ӕмӕ, кулдуар ӕмӕ ӕхгӕнӕнтӕ цы
сахарӕн ис, уымӕй йын раирвӕзӕн нал ис».
8Саул ӕппӕт адӕммӕ дӕр хӕстмӕ фӕсидти,
Кеиламӕ ныццӕуӕм ӕмӕ Давид ӕмӕ йӕ
адӕмыл ӕрхъула кӕнӕм, зӕгъгӕ. 9Давид
Саулы фыдвӕнд куы базыдта, уӕд фӕдзырд-
та сауджын Авиафармӕ: «Рахӕсс-ма ефод».
10Давид загъта: «Дунедарӕг, Израилы Ху-
ыцау! Дӕ цагъар фехъуыста, Саул Кеиламӕ
ӕрцӕуинаг кӕй у ӕмӕ мӕн тыххӕй сахар
ныггӕныстон кӕнынмӕ кӕй хъавы, уый.
11Кеилайы цӕрджытӕ мӕ йӕ къухтӕм рат-
дзысты ӕви нӕ? Дӕ цагъар цы фехъуыста,
уый раст у? Ӕрцӕудзӕни Саул? Дунеда-
рӕг, Израилы Хуыцау, раргом ӕй кӕн Дӕ
цагъарӕн». Дунедарӕг ын дзуапп радта:
«Ӕрцӕудзӕн». 12Давид та бафарста: «Кеи-
лайы цӕрджытӕ мӕн дӕр ӕмӕ мӕ адӕмы
дӕр Саулы къухтӕм ратдзысты ӕви нӕ?»
Дунедарӕг загъта: «Ратдзысты».
13Уӕд Давид ӕмӕ йӕ адӕм, иу-ӕхсӕзсӕдӕ
лӕджы, ныууагътой Кеила ӕмӕ цыдысты,
сӕ къах сӕ кӕдӕм хаста, уырдӕм. Саулмӕ
фӕхабар чындӕуыд, Давид Кеилайӕ алыгъ-
ди, зӕгъгӕ, ӕмӕ уӕд йӕ фӕнд аивта стӕры
ацӕуыны тыххӕй.
14Давид йӕхи баууон кодта ӕдзӕрӕг бы-
дыры. Царди Иудейы хӕхты, Зифы хохрӕбын
ӕдзӕрӕг быдыры. Иудадзыг Саул йӕ фӕдыл
зылди, фӕлӕ йын ӕй Хуыцау йӕ къухтӕм
нӕ лӕвӕрдта.
15Давид базыдта, Саул йӕ агурӕг кӕй ра-
цыд, уый. Уӕд Давид уыди Зифы ӕдзӕрӕг
быдыры, Хорешы. 16Уыцы рӕстӕг Саулы
фырт Ионатан араст ис Хорешмӕ, Давид-
мӕ. Хуыцауыл дӕ зӕрдӕ дар, зӕгъгӕ дзы
ныфс бауагъта. 17Загъта йын: «Ма тӕрс, нӕ
дӕм баххӕсдзӕни мӕ фыд Саулы къух. Ды
паддзахиуӕг кӕндзынӕ Израилӕн, ӕз та
дӕ фӕстӕ дыккаг лӕг уыдзынӕн. Уый мӕ
фыд Саул дӕр зоны». 18Дунедарӕджы раз
та кӕрӕдзийӕ ногӕй ӕрдхӕрдтӕ загътой.
Ӕмӕ Давид баззади Хорешы, Ионатан та йӕ
хӕдзармӕ раздӕхт.
19Зифӕгтӕ ссыдысты Гевӕмӕ, Саулмӕ,
ӕмӕ йын радзырдтой: «Давид махмӕ ис,
Хорешы фидӕртты бады — Йешимоны хус-
сарварс Хакилайы къуыбырыл. 20Ӕмӕ дӕ
куыддӕр бафӕнда, паддзах, афтӕ-иу рацу.
Паддзахы къухмӕ йӕ раттын та мах бар
уадз».
21Саул сын загъта: «Дунедарӕджы арфӕ
уыл сӕмбӕлӕд — фӕтӕригъӕд мын кодтат.
22Цӕут ӕмӕ ноджы бӕстондӕр базонут,

кæцы ран ис, уый, стæй сбæлвырд кæнут,
уым æй чи федта, уый дæр. Куыд мын загъ-
дæуыд, афтæмæй хин æмæ кæлæн у. 23Сбæ-
рæг кæнут, кæм фембæхсы, æппæт уыцы
бынæттæ æмæ-иу мæм бæлвырд хабаримæ
æрбаздæхут. Уæд æз дæр ацæудзынæн уемæ,
æмæ кæд ацы зæххыл ис, уæд æй Иудæйы
æппæт мыггæгты ’хсæнæй дæр скъахдзы-
нæн». 24Æмæ зифæгтæ Саулы разæй ацы-
дысты сæ сахармæ.

Давид æмæ йæ адæм уыдысты Йешимоны
хуссарварс, Маоны æдзæрæг быдыры, дæл-
вæзы. 25Саул йæ адæмимæ ацыди Давиды
агурынмæ. Давидмæ фæхабар кодтой, æмæ
Маоны æдзæрæг быдыры къæдзæхтæм йæхи
байста æмæ уым бамбæхсти. Уый фехъуыста
Саул, æмæ Давиды фæдыл зилын райдыдта
Маоны æдзæрæг быдыры. 26Саул цыди хохæн
йæ иу фахсыл, Давид æмæ йæ адæм — хохæн
йæ иннæ фахсыл. Сæхи хъардтой Саулæй
алидзыныл, фæлæ сæм Саул йæ адæмимæ
хæстæгæй-хæстæгдæр кодта.

27Уыцы заман Саулмæ фæзынд уацхæс-
сæг æмæ йын загъта: «Фæтагъд кæн, фи-
листимæгтæ нын нæ зæхмæ æрбабырстой».
28Уæд Саул ныууагъта Давиды сурын æмæ
араст ис филистимæгты ныхмæ хæцын-
мæ. Уæдæй фæстæмæ ацы бынат хонынц
Селæ-Махлекот.

**24** Уырдыгæй Давид ссыди Ен-Гедимæ
æмæ уым йæхи бааууон кодта. 2Саул фи-
листимæгты фæдыл стæрæй куы æрбаз-
дæхт, уæд æм фæхабар чындæуыд, Давид
Ен-Гедийы æдзæрæг быдыры ис, зæгъгæ.
3Саул æрæмбырд кодта æртæ мин лæджы,
Израилы æвзаргæты, æмæ, сычъиты хæтæн-
тæ кæм уыдысты, уыцы хæхты ’рдæм араст
Давид æмæ йæ адæмы агурæг. 4Фæндаджы
был фосдарæн уæтæрты рæзты куы фæцæй-
цыдысты, уæд уым иу лæгæтмæ Саул йæхи
хъуыдыйы бауади. Ныр Давид та йæ адæ-
мимæ лæгæты рæбынæй бадти, 5æмæ йын
йæ адæм загътой: «Мæнæ дын Дунедарæг
цы боны кой кодта, уый, де знаджы дын дæ
къухмæ ратдзынæн, æмæ дæ цы бафæнда,
уый-иу ын бакæн, зæгъгæ».

Давид бахъуызыди æмæ Саулы пæлæзы
фæччи аивæй ралыг кодта. 6Фæлæ фыр æф-
сæрмæй йæ цæсгом ссыгъди, Саулы фæччи
кæй ралыг кодта, уый тыххæй. 7Æмæ йæ
адæмæн загъта: «Дунедарæг мæ бахизæд,
мæ паддзахмæ, Дунедарæджы байсæрстмæ,
мæ къух сисынæй — уый Дунедарæджы бай-
сæрст у». 8Уыцы ныхæстæй Давид йæ адæмы
баурæдта, Саулмæ бавналын сæ нæ бауагъта.

Саул лæгæтæй рахызти æмæ йæ фæндагыл
араст. 9Уæд Давид дæр лæгæтæй рацыди
æмæ ныхъхъæр кодта: «Паддзах, мæ бар-
дарæг!» Саул фæстæмæ фæкаст, æмæ Давид
йæ разы зæххыл ныддæлгом ис. 10Загъта
Саулæн: «Давид дын фыд ракæнынмæ хъавы,
зæгъгæ дын чи дзуры, уыдоны ныхæстæм
цæмæн хъусыс? 11Абон дæхи цæстæй федтай,
Дунедарæг дæ лæгæты мæ къухтæм куыд
лæвæрдта, уый. Дзырдтой мын, амар æй,
зæгъгæ, фæлæ дын æз фæтæригъæд кодтон
æмæ загътон: „Мæ паддзахмæ мæ къух нæ
сисдзынæн, уымæн æмæ уый Дунедарæджы
байсæрст у“. 12Мæ фыды хай! Æрбакæс-ма
мæнæ мæ къухы дæ пæлæзы фæччимæ. Мар-
гæ дæ кæй нæ акодтон, фæлæ дын æрмæст
дæ фæччи кæй ралыг кодтон, уæд та дæ
уымæй бауырнæд, мæ зæрдæйы фыдæх кæй
нæй, уый. Дæ цуры тæригъæдджын ницæ-
мæй дæн, ды та мæн амарыны тыххæй мæ
фæдыл зилыс. 13Дунедарæг тæрхонгæнæг
фæуæд не ’хсæн, æмæ дæ Дунедарæг райсæд
мæ маст. Æз дæм мæ къух нæ сисдзынæн.
14Рагон æмбисонд афтæ зæгъы: „Фыдлæгæй
фыдракæнд рацæуы“. Фæлæ дæм æз мæ
къух нæ сисдзынæн. 15Кæй ныхмæ рацыд
Израилы паддзах? Кæй фæдыл зилыс? Мард
куыдзы фæдыл, иунæг æхсæнчъы фæдыл!
16Дунедарæг тæрхонгæнæг фæуæд не ’хсæн
æмæ нын нæ хъуыддаг равзарæд. Мæ фарс
рахæцæд, сраст мæ кæнæд æмæ мæ бахи-
зæд дæ къухæй».

17Давид йæ ныхас куы фæци, уæд Саул
загъта: «Давид, мæ хъæбул, уый дæ хъæлæс
хъусын?» Æмæ хъæрæй ныккуыдта. 18Стæй
Давидæн загъта: «Ды мæнæй растдæр дæ.
Ды мын хорздзинад сарæзтай, æй та дын
æй бафыстон æвзæрæй. 19Абон равдыстай,
хорз мын кæй кæныс, уый — Дунедарæг
мæ дæ къухтæм лæвæрдта, фæлæ мæ ды
нæ амардтай. 20Кæд фендæуыд афтæ, æмæ,
йе знагыл чи сæмбæлд, уый йæ фарнимæ
ауадза йæ фæндагыл? Дунедарæг дын хор-
зæй бафиддзæн, абон мын цы хорздзинад
сарæзтай, уый! 21Ныр æз зонын, ды æнæмæнг
паддзахиуæг кæй кæндзынæ æмæ Израилы
паддзахад дæ фæрцы кæй сфидар уыдзæн,
уый. 22Гъемæ мын Дунедарæгæй ард бахæр,
куынæуал уон, уæд мын мæ байзæддаджы
кæй нæ фесафдзынæ æмæ мын мæ ном уæ-
лæуыл мæ мыггаджы ’хсæн кæй ныууадз-
дзынæ, уый тыххæй».

**23:28** Ома хицæнгæнæг къæдзæх.

23Давид ард бахордта Саулæн. Саул йæ
хæдзармæ ацыди, Давид æмæ йæ адæм та
се 'мбæхсæнмæ ссыдысты.

**25** Самуел амарди. Æрæмбырд сты Израилы
адæм, фæхъыг ыл кодтой æмæ йæ бавæрдтой
йæ райгуырæн сахары, Рамайы. Давид араст
ис Параны æдзæрæг быдырмæ.
2-3Калевы мыггагæй иу лæг, йæ ном — На-
вал, Маоны сахайраг, йæ дзуггæ Кармелы
сахары дардта. Тынг хъæздыг уыд: æртæ
мины йæм фыстæ уыд, иу мин — сæгътæ.
Йæ фыстæ æлвыдта æмæ уымæ гæсгæ Кар-
мелы уыди. Навалы ус Авигеа — æмбаргæ
æмæ рæсугъд сылгоймаг, Навал йæхæдæг
та — фыдзонд æмæ тыхдзырд.
4Давидмæ æдзæрæг быдырмæ фæхабар
чындæуыд, Навал йæ фыстæ æлвыны, зæгъ-
гæ, 5æмæ арвыста дæс лæппуйы. Бафæдзæхс-
та сын: «Ссæут Кармелмæ æмæ бацагурут
Навалы. Салам ын раттут мæ номæй 6æмæ
йын зæгъут: „Фарн дæм бадзурæд! Фарн дæ
хæдзары дæр æмæ дæ исбоны дæр. 7Фехъу-
ыстон, дæ фыстæ дын кæй æлвынынц, уый.
Дæ фыййæуттæ айразмæ мах цур хызтой фос,
æмæ сæ хъыджы ницæмæй бацыдыстæм. Ца-
лынмæ Кармелы уыдысты, уæдмæ сæ ницы
фæхъуыди. 8Де 'ххуырстыты бафæрс, æмæ
дын æй зæгъдзысты. Гъемæ мын ды дæр
мæ лæппутæм хорз цæстæй ракæс, уымæн
æмæ дæм фарны бон æрбацыдыстæм. Ратт,
дæ хорзæхæй, дæ цагъартæ æмæ дæ фырт
Давидæн, дæ къух цы амоны, уый“».
9Давиды адæм фæцыдысты Навалмæ æмæ
йын Давиды ныхæстæ рафæзмыдтой. Дзырд
куы фесты, 10уæд сын Навал ахæм дзуапп
радта: «Чи у Давид? Чи у Йессейы фырт?
Сбирæ сты абон, сæ хицæуттæй чи алыгъд,
ахæм цагъартæ. 11Ау, мæ дзул æмæ мæ сæн,
стæй мæ фыстæ æлвынджытæн цы кусарт
акодтон, уый ныр адонæн раттон? Кæцæй
сты, уый дæр куы нæ зонын».
12Давиды адæм фæстæмæ аздæхтысты
æмæ Давидæн Навалы ныхæстæ рафæзмыд-
той. 13Давид йæ адæмæн загъта: «Алчидæр
уæ йæ кард йæ астæуыл бабæттæд». Æмæ
дзы алчидæр йæ кард йæ астæуыл бабаста,
Давид йæхæдæг дæр. Давиды фæдыл ацыд
иу-цыппарсæдæ лæджы, дыууæсæдæйæ та
асадæны баззадысты.
14Навалы ус Авигеамæ та æххуырстытæй
иу фæхабар кодта: «Давид æдзæрæг быды-
рæй æрбарвыста минæвæрттæ не 'лдарæн
салам раттынмæ, фæлæ сыл уый схъæртæ
кодта. 15-16Афтæмæй Давиды адæм тынг
баузæлыдысты махыл, нæ зæрдæ сыл ницæ-
мæй фæхудти. Сæ цуры нæ фос куы хызтам,
уæд нæ никуы ницы фæхъуыди. Æхсæвæй-
бонæй уыдыстæм сæ дæлбазыр. 17Ныр ахъу-
ыды кæн, цы гæнгæ дын у, ууыл. Не 'лдар
æмæ йæ хæдзармæ фыдбылыз кæсы, фæлæ
фыдæбоны лæг у, æмæ йæм дзурæн нæй».
18Уæд Авигеа æвæстиатæй райста дыу-
уæсæдæ дзулы, дыууæ лалымы сæн, фондз
кусартгонд фысы, цæкуыты фондз мæрты,
чисмисы сæдæ æмæ легъуийы дыууæсæдæ
халы æмæ сæ хæрджытыл æргъомбæстытæй
сæвæрын кодта. 19Йе 'ххуырстытæн загъта:
«Мæ размæй цæугæут, мæхæдæг дæр — уæ
фæдыл». Ныр Навалæн та ницы ской кодта.
20Сылгоймаг хæрæгыл хохаг нарæг къахвæн-
дагыл куыд æрцæйцыди, афтæ Давид æмæ
йæ адæм йæ размæ схæццæ сты. Хæрхæм-
бæлд сыл фæци Авигеа. 21Давид йæхинымæр
дзырдта: «Æнхъæлдæн æмæ дзæгъæлы фæ-
хъахъхъæдтон ацы лæджы исбон æдзæрæг
быдыры. Сæфын дзы ницы бауагътон, ныр
мын мæ хорз æвзæрæй фиды. 22Афтæтæ
æмæ уфтæтæ, стæй мын ноджы фыддæртæ
бакæнæд Хуыцау, Навалы хæдзаронтæй
абонæй райсоммæ иу нæлгоймаг дæр куы
ныууадзон!»
23Авигеа Давиды куыддæр ауыдта, афтæ
æрфистæг æмæ йын ныллæг акуывта, 24йæ
къæхты бынмæ æрхауд æмæ загъта: «Æппæт
азым дæр мæныл æфтыд фæуæд, ме 'лдар.
Бар ратт, æмæ дæ цагъар зæгъа, йæ ныхас-
мæ йын байхъус. 25Ме 'лдар мурмæ дæр ма
дарæд уыцы фыдæбоны лæджы, Навалы. Йæ
ном дæр йæ уæлæ куы ис — Навал, йе 'ды-
лыдзинад йемæ ис. Æз та, ме 'лдар, уынгæ
дæр нæ фæкодтон де 'рвыст æххуырстыты.
26Дунедарæг дæ абон бахызта, ме 'лдар, туг
ныккалыны тæригъæдæй, дæ маст дæхи
къухæй райсынæй. Ме 'лдар, сомы кæнын
Дунедарæгæй æмæ дæуæй, Навалы хал ахæр-
дзысты де знæгтæ, ме 'лдары ныхмæ фыд-
вæндтæ аразджытæ. 27Мæнæ дæ цагъар ме
'лдарæн цы лæвæрттæ рахаста, уыдон. Ме
'лдары фæсдзæуинтæн лæвæрд æрцæуæнт.
28Дæ цагъарæн йæ азым ныббар. Дунедарæг
ме 'лдарæн æмæ йæ хæдзарæн æнæмæнг
ратдзæни мыггагмæйы паддзахиуæджы бар,
уымæн æмæ Дунедарæджы хæстыты архайы
ме 'лдар, æмæ дæм дæ цæргæ-цæрæнбонты
дæр хæрамдзинад нæ разындзæн. 29Исчи дæ
фæдыл куы зила æмæ дæ марынмæ куы хъа-
ва, уæд дæр Дунедарæг, дæ Хуыцау, зынаргъ

**25:25** Ома «æдылы».

дурау бахъахъхъæндзæн ме ’лдары уд, де
знæгты удтæ та дын дурæхсæнæй æхсæгау
фехсдзæн. 30Æмæ Дунедарæг дæу тыххæй
хорзæй цыдæриддæр загъта, ме ’лдар, уыдон
куы сæххæст кæна æмæ дæ Израилы фæтæг
куы скæна, 31уæд нæ хæрдзынæ дæхи, дæ
цæсгом не ссудздзæн, уымæн æмæ, ме ’лдар,
æнæхъуаджы туг нæ ныккалдтай, дæ маст
дæхи къухæй нæ райстай. Æмæ Дунедарæг
ме ’лдарæн хæрзтæ куы фæуа, уæд-иу æры-
мыс дæ цагъары».
32Давид Авигеайæн загъта: «Арфæгонд
уæд Дунедарæг, Израилы Хуыцау, æгайтма
дæ абон мæ размæ рарвыста. 33Арфæгонд
уæд дæ зонд, арфæгонд у дæхæдæг дæр, уы-
мæн æмæ мæ абон баурæдтай туг ныккалы-
нæй æмæ мæ маст мæхи къухæй райсынæй.
34Сомы кæнын Дунедарæгæй, Израилы Ху-
ыцауæй, дæуæн мæ фыдбылыз ракæнынæй
Чи бахызта, Уымæй: ды æвæстиатæй мæ
размæ куынæ рацыдаис, уæд райсоммæ
Навалы адæмæй иу лæг дæр удæгасæй нал
ныууагътаин». 35Давид райста Авигеайы
хæссинæгтæ æмæ йын загъта: «Фарнимæ цу
дæ хæдзармæ. Æз дæм байхъуыстон, сæх-
хæст дын кодтон дæ курдиат».
36Уæд Авигеа сыздæхти Навалмæ. Уы-
мæн уыцы рæстæг йæ хæдзары уыди куывд,
растдæриддæр паддзахы куывды хуызæн.
Навал дзæбæх бахъæлдзæг, барасыг, æмæ
йын Авигеа боны срухсмæ ницы ской кодта.
37Райсомæй, Навал куы æрæрвонг, уæд ын йæ
ус хабар радзырдта, æмæ лæг мардау фæци,
цавддурау лæууыд. 38Иу дæс боны фæстæ йæ
Дунедарæг æрцавта, æмæ амард.
39Давид фехъуыста, Навал кæй амард, уый,
æмæ загъта: «Арфæгонд уæд Дунедарæг!
Навал мæ бафхæрдта, фæлæ Дунедарæг ра-
хæцыд мæ фарс æмæ йын йæ фыдæх йæхи
сæрыл æруагъта. Йæ цагъары та фыдми
ракæнынæй бахызта».
Уый фæстæ Давид хатджытæ арвыста Ави-
геамæ, цæмæй йын зæгъой, кургæ дæ кæны
æмæ йæм æрцу, зæгъгæ. 40Давиды дæлдæртæ
ссыдысты Кармелы сахармæ, Авигеамæ, æмæ
йын загътой: «Давид нæ дæумæ рарвыста,
кургæ дæ кæны». 41Уый сыстад, зæххыл ныд-
дæлгом æмæ дзуапп радта: «Æз дæ цагъар
дæн æмæ цæттæ дæн ме ’лдары фæсдзæуин-
тæн сæ къæхтæ æхсынмæ». 42Авигеа тагъд-
тагъд арæвдз кодта йæхи. Йæ фондз унæуты
йемæ, афтæмæй хæрæгыл Давиды минæ-
вæртты фæдыл араст, æмæ сси Давиды ус.
43Уый размæ ма Давид ракуырдта изреелаг
Ахиноамы дæр, æмæ йын ныр уыди дыууæ
усы. 44Уæдмæ Саул та йæ чызг Мелхолæйы,
Давиды усы, радта галлимаг Палтийæн, Ла-
ишы фыртæн.

**26** Зифæгтæ ссыдысты Гевæмæ, Саулмæ,
æмæ йын загътой: «Давид йæхи æмбæхсы
Йешимоны бакомкоммæ Хакилайы къуы-
бырыл». 2Саул Зифы æдзæрæг быдырмæ
Давиды агурæг ныццыд. Йемæ уыди æртæ
мин лæджы, Израилы æвзаргæтæ. 3Саул
рæсæнуаты æрлæууыд Йешимоны акомком-
мæ, Хакилайы къуыбырыл, фæндаджы цур.
Уыцы рæстæг Давид та æдзæрæг быдыры
уыди æмæ, Саул йæ фæдыл кæй зилы, уый
куы фехъуыста, 4уæд арвыста сгарджытæ
æмæ бæстон базыдта, хабар æцæгдæр афтæ
кæй у, уый.
5Давид бавдæлд æмæ Саулы рæсæнуатмæ
æввахс бацыд æмæ сбæлвырд кодта, Саул
æмæ йе ’фсады хицау, Неры фырт Авнер, кæм
хуыссыдысты, уыцы бынат. Саул хуыссыди
астæуæй, йæ адæм — йæ алыварс.
6Давид загъта хеттаг Ахимелехæн æмæ
Церуайы фырт Авишайæн, Йоавы æфсы-
мæрæн: «Мемæ Саулы рæсæнуатмæ чи ныц-
цæудзæн?» Авишай йын дзуапп радта: «Æз
ныццæудзынæн демæ».
7Давид æмæ Авишай æхсæвыгон Саулы
рæсæнуатмæ бахъуызыдысты. Саул фынæй
кодта рæсæнуаты астæу, йæ арц йæ нывæр-
зæны ’рдыгæй зæххы сагъд, афтæмæй, Авнер
дæр æфсадимæ хуыссыдысты йæ алыварс.
8Авишай загъта Давидæн: «Абон дын Хуы-
цау де знаджы дæ къухтæм радта. Цæй æмæ
йæ арцæй зæхмæ ныххуыйон, дыккаг цæф
кæнын мæ нæ бахъæудзæни».
9Фæлæ йын Давид загъта: «Ма йæ амар!
Дунедарæджы байсæрстмæ йæ къух чи сиса,
уый æвыдæй нæ баззайдзæн». 10Йæ ныхасыл-
ма бафтыдта: «Сомы кæнын Дунедарæгæй —
Йæхæдæг æрцæвдзæн Дунедарæг Саулы:
искæд бон йæхи мæлæтæй амæлдзæн, науæд
та хæстмæ ацæудзæн æмæ уым фæмард уы-
дзæни. Мæн та Дунедарæг Йæ байсæрстмæ
мæ къух сисынæй бахизæд! 11Уый фæлтау
ын йæ нывæрзæны ’рдыгæй арц æмæ доны
дурын райс, æмæ цом».
12Давид Саулы нывæрзæны ’рдыгæй арц
æмæ доны дурын райста, æмæ ацыдысты.
Ничи ницы федта, ничи ницы бафиппайдта,
нæдæр Саул райхъал ис, нæдæр йæ адæмæй
исчи, уымæн æмæ Дунедарæг се ’ппæтыл
дæр тарф фынæй бафтыдта.
13Давид бахызти дæлвæзы иннæ фарсмæ
æмæ уым, хохы сæр, Саулы рæсæнуатæй

дæрддзæф ран, æрлæууыд, 14стæй ныхъ-
хъæр кодта Саулы æфсады ’рдæм, Неры
фырт Авнермæ: «Дзуапп мын ратт, Авнер!»
Дзуапп радта Авнер: «Чи дæ уый? Куыд ба-
уæндыдтæ паддзахмæ ныхъхъæр кæнын?»
15Давид загъта Авнерæн: «Ды, Израилы æм-
бал кæмæн нæй, уыцы лæг нæ дæ? Цæуыл-
нæ бахъахъхъæдтай дæ бардарæджы, дæ
паддзахы, чидæр æм марынмæ куы бацыд,
уæд? 16Хорз нæ бакодтай. Сомы кæнын Ду-
недарæгæй: уæ паддзахы, Дунедарæджы
байсæрсты, кæй нæ бахъахъхъæдтат, уый
тыххæй мæлæты аккаг стут. Фен-ма, цы
фесты паддзахы арц æмæ доны дурын йæ
нывæрзæны ’рдыгæй».
17Саул Давиды хъæлæс базыдта æмæ загъ-
та: «Давид, мæ хъæбул, уый дæ хъæлæс хъу-
сын?» Давид дзуапп радта: «О, мæ бардарæг
æмæ мæ паддзах». 18Ноджыдæр ма загъта:
«Мæ паддзах йæ цагъары фæдыл цæмæн зи-
лы? Цы ракодтон? Цæмæй дæн аххосджын?
19Уæдæ мæ бардарæг æмæ мæ паддзах æр-
байхъусæд йæ цагъармæ. Кæд дæ мæ ныхмæ
Дунедарæг сардыдта, уæд Ын æрхастæуæд
зæрдæлхæнæн нывонд, кæд — адæм, уæд
уыдоны та Дунедарæг ралгъитæд! Ныр мæ
уыдон фæсырдтой, цæмæй, Дунедарæг Из-
раилæн цы бæстæ радта, уымæй мын хай
ма уа. Загътой мын: „Ацу æмæ æндæр хуы-
цæуттæм кув“. 20Абон Дунедарæгæй дард
ран, æдзæрæг быдыры, ма ныккæлæд мæ
туг! Израилы паддзах иунæг æхсæнкъ агу-
рæг рацыд, суры мæ, раст цыма хуыргаркыл
цуан кæны хæхты».
21Саул ын загъта: «Æз фæтæригъæдджын
дæн. Давид, мæ хъæбул, аздæх фæстæмæ, ни-
цæмæйуал дæ бафхæрдзынæн, уымæн æмæ
мын абон зынаргъыл банымадтай мæ цард.
Æнæзонд митæ кодтон æмæ тынг фæрæдыд-
тæн». 22Давид дзуапп радта: «Мæнæ — пад-
дзахы арц. Дæ адæмæй исчи æрбацæуæд æмæ
йæ айсæд. 23Дунедарæг та алкæмæн дæр йæ
рæстдзинад æмæ йæ иузæрдионæн аргъгæ-
нæг фæуæд. Дунедарæг дæ абон мæ къухмæ
лæвæрдта, фæлæ мæн нæ бафæндыди Дуне-
дарæджы байсæрстмæ мæ къух сисын. 24Абон
мæ цæсты дæ цард куыд зынаргъ уыд, афтæ
зынаргъ разынæд мæ цард дæр Дунедарæджы
цæсты, æмæ мæ алы фыдбылызæй бахизæд!»
25Саул Давидæн загъта: «Хуыцауæй арфæ-
гонд дæ ды, мæ хъæбул Давид! Цæмæ бавна-
лай, уый кæронмæ бакæндзынæ, цы дæ ба-
фæнда, уый æнæмæнг дæ къухы бафтдзæн!»
Давид ацыд йæ фæндагыл, Саул та аздæх-
ти йæ бынатмæ.

**27** Давид йæ мидзæрдæйы загъта: «Искуы
Саулы къухæй сæфдзынæн, æмæ мын филис-
тимæгты бæстæм алидзынæй хуыздæр амал
нæй. Уæд йæ ныфс асæтдзæни Саулæн æмæ
мæ нал агурдзæн Израилы алы къуымты,
æмæ дзы афтæмæй фервæздзынæн».
2Уыйадыл Давид йæ адæмимæ, æхсæзсæ-
дæ лæгимæ, бацыди Маохы фырт Ахишмæ,
Гаты паддзахмæ. 3Давид æмæ йæ адæм æр-
цардысты Гаты, Ахишмæ, алчидæр — æд
бинонтæ. Давид царди йæ дыууæ усимæ —
изреелаг Ахиноамимæ æмæ Навалы идæдз
кармелаг Авигеамæ. 4Саулмæ фæхабар чын-
дæуыд, Давид Гатмæ алыгъди, зæгъгæ, æмæ
йæ нал агуырдта.
5Давид Ахишмæ бахатыд: «Кæд мæ дæ хор-
зæхы аккаг кæныс, уæд мын чысыл сахартæй
иуы ратт бынат, æмæ дзы æрцæрдзынæн.
Дæ цагъар демæ, паддзахы сахары, цæмæн
хъуамæ цæра?» 6Ахиш ын тæккæ уыцы бон
радта Циклагы сахар. Уымæ гæсгæ ныронг
дæр Циклаг у иудейаг паддзæхты сахар.
7Давид филистимæгтæм фæци афæдз æмæ
цыппар мæйы.
8Давид-иу йæ адæмимæ стæры ацыд,
æмæ-иу бабырстой гешурæгтæм, гирзæг-
тæм æмæ амалекæгтæм (уыдон цæрынц
Телаимæй Шуры æдзæрæг быдыры онг, стæй
уырдыгæй суанг Мысыры онг). 9Давид гæ-
ныстон кодта уыцы бæстæ æмæ — нæлгой-
магæй, сылгоймагæй — се ’ппæты дæр мард-
та. Байста-иу сын сæ фыстæ, се стуртæ, сæ
хæрджытæ, сæ теуатæ, сæ дарæс.
Куы-иу раздæхт æмæ-иу Ахишмæ куы
бацыди, 10уæд-иу æй уый бафарста: «Кæмæ
бабырстат ныр та?» Давид-иу ын дзуапп
радта: «Негевмæ, Иудейы зæхмæ», кæнæ:
«Негевмæ, йерахмеелонты зæхмæ», кæнæ
та: «Негевмæ, кенæгты зæхмæ». 11Давид-иу
нæлгоймагæй, сылгоймагæй се ’ппæты дæр
амардта. Гатмæ-иу дзы никæй æрбакодта,
науæд, дам, нæ банымудздзысты æмæ зæгъ-
дзысты: «Афтæ æмæ афтæ бакодта Давид».
Ахæм хъуыддæгтыл хæст уыд æдзухдæр
Давид, филистимæгты зæххыл куы царди,
уæд. 12Ахиш æууæндыди Давидыл æмæ йæ-
хинымæр загъта: «Уый ахæм уæнгæл фестад
йæ адæмæн, Израилæн, æмæ мын мыггагмæ
уыдзæни лæггадгæнæг».

**28** Уыцы рæстæг филистимæгтæ æрæм-
бырд кодтой се ’фсад Израилимæ схæцынмæ.
Ахиш загъта Давидæн: «Кæй зæгъын æй
хъæуы, зондзынæ, дæхицæн дæр æмæ дæ
адæмæн дæр мемæ хæстмæ цæугæ кæй у,

уый». 2Давид ын дзуапп радта: «Гъеныр дæхи
цæстæй фендзынæ, дæ цагъар цы бакæн-
дзæн, уый». Ахиш загъта Давидæн: «Гъемæ
дæ нырæй фæстæмæ мæхицæн хъахъхъæ-
нæгæй исын».
3Уæдмæ Самуел амарди. Фæхъыг ыл код-
той Израилы адæм, æмæ йæ баныгæдтой Ра-
майы, йæ сахары. Ныр Саул та бæстæйæ фæ-
сырдта мæрдтæмсидджытæ æмæ дæсныты.
4Филистимæгтæ æмбырдæй æрцыдысты
Шунеммæ æмæ уым рæсæнуаты æрлæууы-
дысты. Саул дæр фæсидти æппæт израилæг-
тæм, æмæ æрбынат кодтой Гилбоайы хохыл.
5Саул филистимæгты æфсад куы федта, уæд
фыр тæссæй йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта.
6Дунедарæджы фарста, фæлæ йын Уый нæ-
дæр фыны, нæдæр уримы руаджы, нæдæр
пехуымпарты дзыхæй лæвæрдта дзуапп.
7Уæд йæ дæлдæртæн бафæдзæхста: «Ссарут
мын мæрдтæмсидæг сылгоймаг. Фæцæуон
æм æмæ йæ бафæрсон». Дзуапп ын рад-
той: «Мæнæ Ен-Доры ис мæрдтæмсидæг
сылгоймаг».
8Саул, мачи мæ базона, зæгъгæ, йæ хуыз
аивта, йæ уæлæ скодта æндæр дарæс. Дыууæ
лæджы йемæ ракодта æмæ уыцы сылгой-
магмæ æхсæвы бацыдысты. Саул ын загъта:
«Кæмæй дын зæгъон, уый мын мæрдтæй
ракæн æмæ мын æй бафæрс». 9Сылгоймаг
ын дзуапп радта: «Ды бæгуыдæр зоныс, Саул
цы бакодта, уый. Бæстыл мæрдтæмсидæг
æмæ дæсны куынæуал ныууагъта, сæ мыггаг
сын куы сыскъуыдта, уæд мæ цæмæн сафыс,
мæ уд мын къæппæджы цæмæн æппарыс?»
10Саул ын Дунедарæгæй расомы кодта:
«Сомы кæнын Дунедарæгæй, ацы хъуыддa-
джы тыххæй дыл ницы бæллæх æрцæудзæн».
11Уæд æй сылгоймаг бафарста: «Кæй дын
ракæнон мæрдтæй?» Саул ын дзуапп радта:
«Самуелы мын ракæн».
12Сылгоймаг куы ауыдта Самуелы, уæд
ныцъцъæхахст кодта, стæй Саулæн загъ-
та: «Цæмæн мæ асайдтай? Ды Саул дæ!»
13Паддзах ын загъта: «Ма тæрс. Цы уыныс?»
Сылгоймаг ын дзуапп радта: «Уынын, дæл-
дзæхæй ссæуы æндæрг». 14«Уындæй цавæр
у?» — бафарста йæ Саул. Уый загъта: «Ссæуы
зæронд лæг, йæ уæлæ пæлæз, афтæмæй».
Саул базыдта, Самуел кæй у, уый æмæ зæх-
хыл ныддæлгом йæ разы.
15Самуел æй бафарста: «Цæмæн мæ
бахъыгдæрдтай æмæ мæ цæмæн æрбацæ-
уын кодтай?» Саул ын загъта: «Уынгæджы
фæдæн филистимæгтæй: мæ ныхмæ хæцынц,
æмæ мæ Хуыцау дæр Йе 'ргом аздæхта. Нал
мын дætты дзуапп нæдæр пехуымпарты
дзыхæй, нæдæр мæ фыны. Уый тыххæй дæм
фæдзырдтон, цæмæй мын бацамонай, цы
кæнгæ у, уый».
16Самуел ын афтæ: «Мæн ма цы фæрсыс,
кæд дæ Дунедарæг Йе 'ргом аздæхта æмæ де
знаг сси, уæд? 17Дунедарæг бакодта, зæрдæ
цæмæй æвæрдта, уый: паддзахад дын дæ
къухæй стыдта æмæ йæ æндæрæн, Дави-
дæн, радта, 18уымæн æмæ ды Дунедарæгмæ
нæ байхъуыстай æмæ Йын амалекæгты Йæ
азарæй бахызтай. Уый тыххæй дын афтæ
бакодта Дунедарæг абон. 19Канд дæу нæ,
фæлæ æгас Израилы дæр Уый филистимæгты
къухмæ ратдзæн. Райсом ды дæр æмæ дæ
фырттæ дæр февзæрдзыстут, æз кæм дæн,
уым. Израилы æфсад та филистимæгты
къухмæ ратдзæни Дунедарæг».
20Саул æваст æрхауд æмæ зæххыл адæргъ
ис. Тынг фæтарсти Самуелы ныхæстæй.
Стæй йæм хъару дæр нал уыди, уымæн æмæ
уыцы бон æмæ уыцы æхсæв йæ дзыхмæ къæ-
бæр не схаста. 21Сылгоймаг бацыди Саулмæ
æмæ йæ тынг тарстхуызæй куы федта, уæд
ын загъта:
«Кæсыс, дæ цагъар дæм байхъуыста. Мæ
удæн тас у, уый зонгæйæ, уæддæр сæххæст
кодтон, цы мын загътай, уый. 22Ныр дæ ку-
рын, байхъус ды дæр дæ цагъармæ: цæй,
æмæ дын иу къæбæр рахæссон æмæ саход,
цæмæй фæндаджы размæ фæхъуыртхъом
уай». 23Уый фыццаг нæ разы кодта, нæ ба-
хæрдзынæн, зæгъгæ, фæлæ йæм йæ дæлдæр-
тæ дæр æмæ сылгоймаг дæр æрхатыдысты,
æмæ сæм байхъуыста. Сыстади зæххæй æмæ
сынтæгыл æрбадти. 24Сылгоймаг, йæ хæдза-
ры цы хæрзхаст уæныг уыди, уый аргæвдын
кодта. Стæй райста ссад, хыссæ ракодта,
донгонд дзултæ афыхта 25æмæ Саул æмæ йæ
дæлдæртæн фынг ацарæзта. Уыдон бахорд-
той æмæ тæккæ уыцы 'хсæв сæ фæндагыл
араст сты.

**29** Филистимæгтæ се 'ппæт æфсад дæр
æрæмбырд кодтой Афекмæ, израилæгтæ
та Изреелы сахармæ хæстæг, суадоны цур,
рæсæнуаты æрлæууыдысты. 2Филистимаг
æлдæрттæй алчи цыди йæ сæдæгай æмæ
мингай хæстонтимæ, сæ фæстæ — Ахишы
æфсад, семæ, кæронæй — Давид æмæ йæ
адæм. 3Филистимаг æфсадхонтæ дзырд-
той: «Ацы дзуттæгтæ та ам цы архайынц?»
Ахиш сын дзуапп радта: «Уый Давид у, из-
раилаг паддзах Саулы цагъар. Ныр мæм
афæдзæй фылдæр цæры, æмæ йæм, куы

’рбалыгъд, уæдæй абонмæ гуырысхойагæй
ницы бафиппайдтон».
[4]Филистимæгтæ рамæсты сты Ахишы
уыцы ныхæстæм æмæ йын загътой: «Ар-
вит фæстæмæ ацы лæджы. Аздæхæд, цы
бынат ын снысан кодтай, уырдæм. Немæ
хæстмæ ма цæуæд, науæд хæсты быдыры
нæ ныхмæ фæуыдзæн. Йæ хицауы зæрдæ
цæмæй балхæндзæни, мæнæ йæ нæ адæмы
сæртæй куынæ балхæна, уæд? [5]Кафгæйæ
афтæ кæуыл зарыдысты: „Саул ныццагъта
минтæ, Давид та — дæсгай минтæ“, уыцы
Давид нæу, æви?»
[6]Уæд Ахиш Давидмæ фæдзырдта æмæ йын
загъта: «Сомы кæнын Дунедарæгæй, ды æу-
уæнкджын лæг дæ, æмæ мын æхсызгон уаид,
ацы хæстон балцы мемæ куы цæуис, уæд. Æз
дæм де ’рбацыдæй абонмæ æвзæрæй ницы
бафиппайдтон, фæлæ æлдæртты зæрдæмæ
нæ цæуыс. [7]Гъемæ ныр фарнимæ аздæх æмæ
филистимаг æлдæртты ма мæсты кæн».
[8]Давид Ахишæн загъта: «Цы ракодтон?
Лæггад дын кæдæй нырмæ кæнын, уæдæй
тæккæ абонмæ дæ цагъармæ гуырысхойа-
гæй цы бафиппайдтай? Цæуылнæ хъуамæ
ацæуон мæ бардарæгæн, мæ паддзахæн йе
знæгтимæ хæцынмæ?» [9]Ахиш ын дзуапп
радта: «Бæгуыдæр, æхцон мын дæ Хуыца-
уы зæдау, фæлæ филистимаг æлдæрттæ
загътой: „Немæ хæстмæ ма цæуæд“. [10]Уымæ
гæсгæ тæккæ райсом сæумæйæ аздæх, демæ
чи ’рбацыди, уыдонимæ, дæ бардарæджы
цагъартимæ. Куыддæр срухс уа, афтæ-иу
араст ут».
[11]Райсомæй раджы Давид æмæ йæ адæм
аздæхтысты филистимæгты бæстæм. Филис-
тимæгтæ та Изреелмæ ссыдысты хæцынмæ.

**30** Давид æмæ йæ адæм æртыккаг бон
Циклагмæ бахæццæ сты. Уæдмæ амале-
кæгтæ бабырстой Негев æмæ Циклагмæ.
Басастой Циклаг æмæ йыл арт бафтыдтой,
[2]стæй сæхимæ раздæхтысты. Сылгоймæгты,
стæй ма сахары стырæй, чысылæй чидæрид-
дæр уыдис, уыдоны уацары райстой æмæ
сæ атардтой сæ разæй, маргæ дзы никæй
акодтой. [3]Давид æмæ йæ адæм сахармæ
куы бахæццæ сты, уæд федтой: сахар арты
хай баци, сæ устытæ æмæ сын сæ цоты та
уацары акодтой.
[4]Давид æмæ йæ адæм æрдиаг кодтой æмæ
куыдтой, цалынмæ сæ хъару басаст, уæдмæ.
[5]Уацары ист æрцыдысты Давидæн йæ дыууæ
усы дæр, изреелаг Ахиноам æмæ кармелаг
Навалы идæдз Авигеа.
[6-7]Давидæн йæ сæр бынтондæр уынгæджы
фæци. Сæ цоты тыххæй йæм адæм смæсты
сты æмæ йæ дурты бын фæкæнынмæ хъа-
выдысты. Фæлæ Давид ныфсджын уыди
Дунедарæгæй, йæ Хуыцауæй, æмæ загъта
сауджын Авиафарæн, Ахимелехы фыртæн:
«Æрбахæсс-ма мын ефод». Авиафар æм æр-
бахаста ефод, [8]æмæ Давид Дунедарæджы
бафарста: «Уыцы абырджыты фæсте асурон?
Баййафдзынæн сæ?» Дунедарæг ын загъта:
«Асур сæ! Æнæмæнг сæ баййафдзынæ æмæ
дæ адæмы суæгъд кæндзынæ».
[9]Давид æхсæзсæдæ лæгимæ араст ис, æмæ
Бесоры тæрфмæ бахæццæ сты. [10]Уырдыгæй
Давид цыппарсæдæ лæгимæ дарддæр ацы-
ди амалекæгты фæдыл, дыууæсæдæ лæджы
та баззадысты — афтæ сæнæбон сты, æмæ
Бесоры тæрфыл ахизынæн нал уыдысты.
[11]Фæндагыл амбæлдысты иу мысырагыл
æмæ йæ Давидмæ æрбакодтой. Къæбæр ын
бахæрын кодтой, йæ дойны суагътой. [12]Легъу-
ийы хустæ æмæ йын дыууæ чисмис гуылы
æрæвæрдтой. Куы бахордта, уæд мысыраг
йе ’муд æрцыд, уымæн æмæ æртæ боны
æмæ æртæ æхсæвы хойраг æмæ доны хъæс-
тæ нæ фæци.
[13]Давид æй бафарста: «Кæй цагъар дæ, кæ-
цон дæ?» Уый загъта: «Мысыраг лæппу дæн,
иу амалекаджы цагъар. Æртæ боны размæ
фæрынчын дæн, æмæ мæ ме ’лдар ныууагъ-
та. [14]Мах бабырстам Негевмæ — керетæгты,
Иудæ æмæ Калевы зæххытæм — æмæ Цик-
лагыл арт бафтыдтам».
[15]Давид æй бафарста: «Уыцы абырджы-
тæм мæ фæхæццæ кæндзынæ?» Уый йын
загъта: «Хуыцауæй мын ард бахæр, кæй мæ
нæ амардзынæ, ме ’лдары къухтæм дæр мæ
кæй нæ ратдзынæ, уый тыххæй, æмæ дæ æз
уыдонЫЛ сæмбæлын кæндзынæн».
[16]Мысыраг бахæццæ кодта Давиды. Уый
кæсы, æмæ дын мæнæ амалекæгтæ быдыры
куы апырх уаиккой. Хæрынц æмæ нуазынц,
филистимаг æмæ иудейаг зæххытæй бирæ
исбон кæй байстой, уый фæдыл бæрæгбон
аразынц. [17]Хур нæма скасти, афтæ сыл Да-
вид йæхи ныццавта æмæ сæ суанг изæрмæ
цагъта. Ничи йын дзы аирвæзти удæгасæй,
æрмæст цыппарсæдæ лæппуйы теуатыл
абадтысты æмæ алыгъдысты. [18-19]Афтæ Да-
вид фæстæмæ байста, амалекæгтæм уаца-
ры чи бахауд, уыдоны, стырæй, чысылæй,
лæппуйæ, чызгæй, стæй йæ дыууæ усы дæр.
Байста-ма, амалекæгтæ цыдæриддæр фæфос
кодтой, уый. Æппындæр сæ ницы фæхъуыд.
[20]Амалекæгтæн се стурвос æмæ сæ лыстæг

фос иууылдæр ратæлæт кодтой. Давиды
разæй сæ тардтой æмæ дзырдтой: «Уый Да-
виды æфтиаг у».

21Давид баввахс ис, йæ фæдыл цæуын-
хъом чи нал уыд æмæ Бесоры тæрфы цур
кæй ныууагъта, уыцы дыууæсæдæ лæгмæ.
Уыдон Давид æмæ йæ адæмы размæ рауа-
дысты, æмæ сын Давид салам радта.

22Уæд, Давидимæ цы адæм æрбацыди,
уыдонæн сæ цъаммæрттæ æмæ æнаккæгтæ
дзурын райдыдтой: «Адон немæ кæй нæ уы-
дысты, уый тыххæй сын ницы ратдзыстæм,
цы байстам, уымæй. Алчидæр сæ æрмæст
йæ ус æмæ йæ сывæллæтты акæнæд æмæ
цæуæд йæ фæндагыл». 23Фæлæ Давид загъта:
«Афтæ ма кæнут, ме 'фсымæртæ — Дунеда-
рæг нын ралæвар кодта ацы æфтиаг. Уый нæ
бахъахъхъæдта æмæ нын нæ къухтæм радта,
чи нæм æрбалæбурдта, уыдоны. 24Ничи сра-
зы уыдзæн уæ фæндыл. Хæцынмæ чи ацыд,
уымæн цы хай æмбæлы, ахæм хай æмбæлы,
рæсæнуаты чи баззад, уымæн дæр. Æмхуы-
зон хæйттæ сæм хауы». 25Уæдæй фæстæмæ
уый Израилæн æгъдау æмæ фæткæн баззад.

26Давид Циклагмæ куы æрцыд, уæд йе
'фтиагæй арвыста йæ хæлæрттæн, Иудæйы
хистæртæн, ахæм ныхасимæ: «Мæнæ уын,
Дунедарæджы знæгтæй кæй байстам, уымæй
хай». 27Арвыста сын сæ Вефилмæ, Рамот-Не-
гевмæ, Йатирмæ, 28Ароермæ, Сифмотмæ,
Ештемоамæ, 29Рахалмæ, йерахмеелонты
сахартæм, кенæгты сахартæм, 30Хормамæ,
Бор-Ашанмæ, Атахмæ, 31Хевронмæ, стæй ма,
Давид-иу йæ адæмимæ ноджыдæр кæмыты
уыди, æппæт уыцы рæттæм.

**31** Филистимæгтæ схæцыдысты израилæг-
тимæ, æмæ Израилы хæцæг адæм лидзæг
фесты. Бирæтæ дзы цæфтæй баззадысты
Гилбоайы хохы фæхстыл. 2Филистимæгтæ
фæсте асырдтой Саул æмæ йæ фыртты æмæ
амардтой Ионатан, Авинадав æмæ Малки-
шуайы, Саулы фыртты.

3Саулы ныхмæ тох стынг ис. Фатæхс-
джытæ йæм баввахс сты æмæ йæ уæззау
цæфтæ фæкодтой. 4Саул йæ хотыхдарæн
загъта: «Дæ кард слас æмæ мæ амар, науæд
ныртæккæ ацы æнæсунæттæ ам æрбалæу-
дзысты, кард мæ ныссадздзысты æмæ мын
мæ удæй фæхъаздзысты». Фæлæ хотыхдар
тынг фæтарсти æмæ йæ коммæ нæ бакаст.
Уæд Саул йæ карды фистон зæхмæ фæбы-
цæу кодта æмæ йын йæ фындзыл æрхауд.
5Хотыхдар Саулы мардæй куы федта, уæд
уый дæр йæ карды фындзыл ныппæрста
йæхи æмæ амарди йæ цуры. 6Афтæ уы-
цы иу бон фæмард сты Саул æмæ йе 'ртæ
фырты, стæй йæ хотыхдар æмæ йæ адæм
се 'ппæт дæр.

7Изреелы дæлвæз æмæ Иорданы фале
цæрæг израилæгтæ куы федтой, Израи-
лы æфсад дæрæнгонд æрцыди, Саул æмæ
йæ фырттæ та фæмард сты, уый, уæд сæ
сахартæй фæлидзæг сты. Филистимæгтæ
бацыдысты æмæ сæ бацахстой.

8Дыккаг бон филистимæгтæ фæзындысты
мæрдты стигъынмæ æмæ Гилбоайы хохыл
мардæй ссардтой Саул æмæ йе 'ртæ фырты.
9Саулæн йæ сæр ракодтой, йæ гæрзтæ йын
раппæрстой æмæ сæ филистимæгты зæххы
иу кæронæй иннæмæ фæластой, уæлахизы
уац сæ гуымирытæн æмæ æппæт адæмæн
хъусын кæнгæйæ. 10Саулы хотыхтæ Астар-
тæйы кувæндоны бавæрдтой, йæ мард та
йын Бет-Шеаны сисыл æрцауыгътой.

11Галаады сахар Иавешы цæрджытæ фе-
хъуыстой, филистимæгтæ Саулæн цы æбу-
алгъ митæ бакодтой, уый 12æмæ се 'хсар-
джынтæ æмхуызонæй Бет-Шеанмæ фæдисы
ацыдысты. Æнæхъæн æхсæв фæцыдысты
æмæ Бет-Шеаны сисæй Саул æмæ йæ фыртты
мæрдтæ æристой. Æрбахастой сæ Иавешмæ
æмæ сæ уым басыгътой, 13се стджытæ та
сын Иавешмæ æввахс тамариск бæласы бын
баныгæдтой. Уый фæстæ авд боны дæргъы
ком фæдардтой.

## Дыккаг чиныг

# Паддзахӕдтӕ

Дзуттаг традицийы ацы чиныг, стӕй «Паддзахӕдты фыццаг чиныг» хуыдтой «Самуелы чингуытӕ», пехуымпар Самуел сӕ сӕйраг архайӕг Давиды паддзахиуӕг кӕнынмӕ кӕй байсӕрста, уымӕ гӕсгӕ. Чиныджы ныхас цӕуы, Давид паддзах куыд сси ӕмӕ Израилӕн разамынд куыд лӕвӕрдта, уый тыххӕй. Раздӕр уый паддзахиуӕг кодта ӕрмӕстдӕр Иудӕйы хӕдзарвӕндагӕн (1–4 сӕртӕ), уый фӕстӕ та йӕ паддзахдзинад аххӕссыд, цӕгатӕрдыгӕй чи ӕрбынат кодта, уыцы израилаг мыггӕгтыл дӕр (5–20 сӕртӕ).

Уыцы цаутӕ ӕрцыдысты ног дуджы агъоммӕ, XI ӕнусы кӕрон — X ӕнусы райдиан.

Уӕлдай ӕргом здӕхт цӕуы Давид ӕмӕ йӕ фыртты ахастдзинӕдтӕм, уымӕн ӕмӕ, паддзахы бындар чи суыдзӕн, уыцы фарст комкоммӕ баст у уыдонимӕ. 21–24 сӕрты дӕр ӕвдыст цӕуынц Давиды хицаудзинадимӕ баст бирӕ ӕндӕр цаутӕ, кӕд дзы дырыс хронологийы фӕтк ӕххӕстӕй нӕ зыны, уӕддӕр.

Паддзах Давиды заман ӕрцыдысты Израилы адӕмы фидӕнимӕ баст дыууӕ стыр цауы. Фыццаг — Давид Йерусалимы сахар кӕй бацахста, уый. Йерусалим сси Израилы сӕйраг сахар ӕмӕ абоны онг дӕр йӕхимӕ здахы ӕппӕт дунейы ӕргом. Дыккаг — Хуыцау Давидӕн дзырд радта, Израилы адӕмӕн Давиды бындартӕ разамынд кӕй дӕтдзысты, уый тыххӕй. Уӕдӕй фӕстӕмӕ ӕрмӕстдӕр Давиды байзӕддӕгтӕн уыдис Израилы паддзах уӕвыны бар.

---

**1** Саул фӕмард ис. Давид амалекӕгты ныд-
дӕрӕн кодта ӕмӕ дыууӕ боны Циклагы
баззади. 2 Ӕртыккаг бон Саулы рӕсӕнуатӕй
уырдӕм иу лӕг ӕрбацыди, йӕ дарӕс пырх,
йӕ сӕр та рыгӕй нал зынд, афтӕмӕй. Да-
видмӕ бацыди ӕмӕ йын ныллӕг акуывта.
3Давид ӕй бафарста: «Кӕцӕй ӕрбацыд-
тӕ?» Уый йын дзуапп радта: «Израилы рӕ-
сӕнуатӕй ралыгътӕн». 4Давид ын загъта:
«Цы ’рцыди? Хабар мын бӕлвырд радзур».
Ӕмӕ уый радзырдта: «Адӕм лидзӕг фесты
тохы быдырӕй, цӕфтӕ ӕмӕ дзы мӕрдтӕ
бирӕ уыд; фӕмард сты Саул ӕмӕ йӕ фырт
Ионатан дӕр».
5Уӕд Давид хабархӕссӕг лӕппуйы ба-
фарста: «Цӕмӕй зоныс ды Саул ӕмӕ йӕ
фырт Ионатаны амӕлӕты хабар?» 6Лӕппу
загъта: «Ӕнӕнхъӕлӕджы бафтыдтӕн Гил-
боайы хохмӕ ӕмӕ федтон, Саул йӕ арцыл
куыд ӕрӕнцой кодта ӕмӕ йӕм тохуӕр-
дӕттӕ ӕмӕ бӕхджынтӕ куыд баввахс сты,
уый. 7Саул фӕстӕмӕ фӕкасти ӕмӕ мӕ куы
ауыдта, уӕд мӕм фӕдзырдта. Ӕз ын загъ-
тон: „Хъусын дӕм“. 8Уый мӕ бафарста: „Чи
дӕ?“ Дзуапп ын радтон: „Амалекаг“. 9Уӕд
мын афтӕ зӕгъы: „Рауай-ма, амар мӕ, на-
уӕд саутухӕны бафтыдтӕн, мӕ уд та нырма
мӕ мидӕг ис“. 10Ӕз ӕм бацыдтӕн ӕмӕ йӕ
амардтон — уыдтон, нал фервӕздзӕни, уый.
Йӕ сӕрӕй йын паддзахы худ систон, йӕ
цонгдарӕн ын йӕ цонгӕй рафтыдтон ӕмӕ
сӕ мӕнӕ ме ’лдармӕ ӕрбахастон».
11Уӕд Давид йӕ дарӕсмӕ фӕлӕбурдта
ӕмӕ фӕйнӕрдӕм арӕдывта; афтӕ бакодтой,
йемӕ чи уыди, уыдон дӕр. 12Ӕмӕ хъарджы-
тӕ кодтой, дзынӕзтой ӕмӕ ком дардтой
изӕрмӕ, карды амӕттаг чи баци, уыдоныл:
Саулыл, Саулы фырт Ионатаныл ӕмӕ Дуне-
дарӕджы ӕфсадыл, Израилы адӕмыл.
13Давид хабархӕссӕджы бафарста: «Кӕ-
цӕй дӕ?» Лӕппу йын дзуапп радта: «Ӕрцӕ-
уӕггаджы фырт дӕн, амалекаджы». 14Уӕд ын
Давид зӕгъы: «Цы ныфсӕй систай дӕ къух,
Дунедарӕг кӕй байсӕрста, уымӕ?» 15Ӕмӕ
йӕ дӕлдӕртӕй иуӕн бардзырд радта: «Рацу,
амар ӕй». Ӕмӕ йӕ уый амардта. 16Давид
загъта: «Дӕхи аххосӕй ӕрцыди дӕ мӕлӕт,
уымӕн ӕмӕ дӕхӕдӕг загътай, Дунедарӕ-
джы байсӕрсты амардтон, зӕгъгӕ».
17Давид Саул ӕмӕ йӕ фырт Ионатаныл
скодта ацы хъарӕг, 18ныффӕдзӕхста иуде-
йӕгтӕн, цӕмӕй йӕ сахуыр кӕной. Рӕстӕв-
зары Чиныджы дӕр фыст ис:

19 «Дӕ фидауц, Израил,
дӕ бӕрзӕндтыл байсӕфт.

Æрхаудысты — оххай! — бæгъатыртæ.
20 Ма йæ ской кæнут Гаты,
ма йæ ахъæр кæнут
Ашкелоны уынгты,
цæмæй филистимаг чызджытæ
ма бацин кæной —
æнæсунæтты чызджытæ ма ферайой.
21 О Гилбоайы хæхтæ!
Æртæх дæр уыл мауал æрбада,
къæвда дæр уыл мауал æрцæуа,
уæ хуымтæ тыллæг мауал феной —
уым баззад дзæгъæлæй
æхсарджынты уарт —
Саулы æнæсæрст уарт уым ис!
22 Ионатаны фат никуы фездæхти,
Саулы кард никуы баззади,
знаджы тугæй нæ сахуырсгæйæ,
йæ фиуæй йын нæ ацаходгæйæ.
23 Уарзон æмæ цытджын Саул!
Уарзон æмæ цытджын Ионатан!
Сæ удæгасæй дæр
кæрæдзийæ нæ хицæн кодтой,
æмæ сæ мæлæт дæр нæ ахицæн кодта.
Уыдон цæргæсæй цæрдæгдæр
уыдысты,
уыдон домбайæ домбайдæр уыдысты!
24 Кæут Саулыл, Израилы чызджытæ! —
зынаргъ даритæй уæ уый фæлыста,
зæрин фæлындæнтæ уын уый хаста!
25 Æрхаудысты — оххай! — бæгъатыртæ.
Фæмард ис хъæбатырæй Ионатан.
26 Куыд зын у æнæ дæу,
ме 'фсымæр Ионатан!
Ды мæ ахсджиаг уыдтæ мæнæн;
дæ уарзт мын сылгоймаджы уарзтæй
зынаргъдæр уыд.

27 Æрхаудысты — оххай! — бæгъатыртæ,
бабын сты хæстон хотыхтæ!»

**2** Уый фæстæ Давид фарста Дунедарæджы:
«Цы кæнон? Иудæйы сахартæй искæцымæ
ацæуон?» Дунедарæг ын дзуапп радта: «Ацу».
Давид бафарста: «Кæдæм ацæуон?» Уый
йын загъта: «Хевронмæ». 2Давид рахæцыди
йæ дыууæ усыл — изреелаг Ахиноам æмæ
кармелаг Навалы идæдз Авигеайыл — æмæ
араст ис уырдæм. 3Йемæ акодта йæ адæ-
мы дæр сæ бинонтимæ. Хеврон æмæ йæ
алфамбылай сахарты æрцардысты. 4Иуде-
йæгтæ Хевронмæ æрбацыдысты æмæ Да-
виды Иудæйы хæдзарвæндагæн паддзахæй
байсæрстой.

Давидæн рахабар чындæуыди, галаадаг
Иавешы цæрджытæ Саулы мард бавæрд-
той, зæгъгæ.

5Давид галаадаг Иавешы цæрджытæм
лæгтæ арвыста, цæмæй сын зæгъой: «Ду-
недарæг уын арфæ ракæнæд, уæ паддзах
Саулыл афтæ иузæрдион кæй разындыс-
тут æмæ йын йæ мард кæй бавæрдтат, уый
тыххæй. 6Ныр уæ Дунедарæджы хорзæх
уыдзæн, æмæ уыл Йæ зæрдæ не сивдзæн.
Æз дæр уын уæ хорз хорзæй бафиддзынæн.
7Ныр уæхиуыл фæхæцут æмæ фидар лæуут,
уымæн æмæ уæ паддзах Саул фæмард ис,
мæн та Иудæйы хæдзарвæндаг йæхицæн
паддзахæй байсæрста».
8Уæдмæ Неры фырт Авнер, Саулы æфсады
разамонæг, Саулы фырт Йевосфеты æрба-
кодта Маханаиммæ 9æмæ йæ паддзахæй
сæвæрдта æппæт Израилæн — Галаад, Ашур,
Изреел, Ефрем æмæ Бениаминæн. 10Дыу-
уиссæдз азы цыди Саулы фырт Йевосфетыл,
Израилы паддзах куы сси, уæд æмæ пад-
дзахиуæг кодта дыууæ азы. Давиды фарс
та æрмæст Иудæйы хæдзарвæндаг уыди.
11Давид Иудæйы хæдзарвæндагæн Хевро-
ны паддзахиуæг кодта авд азы æмæ æхсæз
мæйы.
12Неры фырт Авнер Саулы фырт Йевосфеты
хæстонтимæ Маханаимæй рацыди æмæ
Гивонмæ йæ ных саръзта. 13Церуайы фырт
Йоав та рацыди Давиды хæстонтимæ. Ги-
воны цады цур фембæлдысты, æмæ иуде-
йæгтæ цадæн йæ иу фарс æрлæууыдысты,
израилæгтæ та — йæ иннæ. 14Уæд Авнер
Йоавмæ дзуры: «Рахизæнт-ма фæсивæд
æмæ сæ тыхтæ бавзарæнт нæ цуры». Йоав
загъта: «Рахизæнт».
15Бениамины байзæддæгтæй дæр, Сау-
лы фырт Йевосфеты æфсадæй, дыууадæс
лæппуйы рахызти, æмæ Давиды хæстонтæй
дæр — дыууадæс. 16Кæрæдзийы сæртæм фæ-
лæбурдтой, кæрæдзийы фæрсты сæ кæрдтæ
ныссагътой æмæ иумæ æрхаудысты. Уæдæй
фæстæмæ уыцы бынат хонынц Хелкат-Цу-
рим, ис Гивоны цур.
17Æвирхъæу уыди уыцы боны тох, æмæ
Авнер æмæ израилæгтыл Давиды хæстонтæ
фæуæлахиз сты. 18Хæцæны уыдысты Цер-
уайы æртæ фырты дæр: Йоав, Авишай æмæ
Асаел. Сычъийау рæувад уыди Асаел. 19Йæ

**1:22** Ацы стихы Израилы знæгтæ барст цæуынц нывондаг фосимæ. Дзуттаг æгъдаумæ гæсгæ нывондæн хастæуыди фосæн сæ *туг* æмæ сæ *фиу* дæр. **2:8** *Йевосфет* – ацы лæджы ном 1 Азф 8:33; 9:39 у Еш-Баал, 1 Пад 14:49 та – Ишви. **2:16** Ома «Кæрдты быдыр».

разæй айста Авнеры æмæ йæ фæсте сурын
райдыдта, йæ фæндагæй нæдæр галиуæр-
дæм здæхт, нæдæр рахизæрдæм. 20Авнер
фæстæмæ фæкасти æмæ дзуры: «Уый ды
дæ, Асаел?» — «Æз дæн», — дзуапп радта
уый. 21«Исчердæм фæзил, — загъта йын Ав-
нер, — лæппутæй искæй æрцахс æмæ йын йæ
хотыхтæ дæхицæн байс». Фæлæ Асаелы нæ
бафæндыд Авнеры ауадзын. 22Уæд та йæм
Авнер ногæй радзырдта: «Иуварс дæхи айс,
науæд дæ зæххыл цæвын, æмæ ма дын уæд
де 'фсымæр Йоавмæ цы цæсгом равдисдзы-
нæн?» 23Фæлæ уый нæ састи. Уæд Авнер йæ
арц фæстæрдæм фæзылдта æмæ йын дзы йæ
гуыбын баръæхуыста. Арц иннæрдæм ахызт,
Асаел уыцы ран ахауди æмæ йæ уд систа.
Асаел кæм фæмард, уырдæм-иу чи бахæц-
цæ, уыдон-иу дзыхълæуд фæкодтой. 24Йоав
æмæ Авишай фæсте асырдтой Авнеры æмæ
хурныгуылдмæ схæццæ сты, Гивоны æдзæ-
рæг быдырмæ фæндагыл Гиахы акомкоммæ
цы къуылдым ис, Амма, зæгъгæ, уырдæм.
25Бениамины байзæддæгтæ та Авнеры алы-
варс цæлхæмбырдæй æрлæууыдысты иннæ
къуылдымыл.

26Авнер ныхъхъæр кодта Йоавмæ: «Нæ
кæрдтæ туджы кæдмæ æвдулдзыстæм? Хорз
æй куы зоныс, хъуыддаг цæмæ цæуы, уый?
Кæд æрдомдзынæ дæ адæмæй, цæмæй се
'фсымæрты фæдыл мауал зилой?» 27Йоав
ын дзуапп радта: «Хуыцауæй ард хæрын,
уыцы ныхæстæ раздæр куы загътаис, уæд
мæ адæм абон сæумæйæ ныууагътаиккой
се 'фсымæрты цæгъдын».

28Йоав сыкъауадындзæй ныуасын кодта,
æмæ йæ адæм æрлæууыдысты, сæ хæцын
ныууагътой, израилæгты фæсте нал сырдтой.
29Авнер æмæ йæ адæм æхсæв-бонмæ фæцы-
дысты Иорданы дæлвæзы, ахызтысты Иорда-
ныл, æгас Битроныл сæ фæндаг акодтой æмæ
бахæццæ сты Маханаиммæ. 30Йоав Авнеры
сурын куы ныууагъта, уæд æрбамбырд кодта
йæ адæмы. Давиды хæстонтæй, Асаелы нæ
нымайгæйæ, фæхъуыди нудæс лæджы, 31Бе-
ниамины байзæддæгтæй та, Авнеры адæмæй,
Давиды хæстонтæ ныццагътой æртæсæдæ
æртиссæдз лæджы. 32Асаелы мард систой
æмæ йæ Вифлеемы йæ фыды зæппадзы ба-
вæрдтой. Йоав йæ адæмимæ æхсæв-бонмæ
фæцыди, æмæ сыл Хевроны æрбабон ис.

**3** Саулы хæдзар æмæ Давиды хæдзары 'хсæн
хæст ныддæргъвæтин. Давид тыхджынæй-
тыхджындæр кодта, Саулы хæдзар та зау-
уатмæ цыди.

2Давидæн Хевроны райгуырди фырттæ:
хистæр — Амнон, йæ мад изреелаг Ахиноам,
3уый кæстæр — Килав, йæ мад — кармелаг
Навалы идæдз Авигеа, æртыккаг — Авес-
салом, йæ мад — Гешуры паддзах Талма-
йы чызг Мааха, 4цыппæрæм — Адониа, йæ
мад — Хагит, фæндзæм — Шефати, йæ мад —
Авитал, 5æхсæзæм — Итреам, йæ мад Егла.
Давидæн уыдон сæнтыстысты Хевроны.

6Цалынмæ Саулы хæдзар æмæ Давиды
хæдзар кæрæдзиимæ хæцыдысты, уæдмæ
Авнерæн Саулы хæдзарыл йæ бар тынгæй-
тынгдæр цыди. 7Саулæн уыди номылус, йæ
ном — Рицпа, Айайы чызг.

Иуахæмы Йевосфет Авнерæн загъта: «Мæ
фыды номылусмæ цæмæн бацыдтæ?» 8Уыцы
ныхæстæм Авнер цæхæртæ скалдта: «Æз дын
куыдз дæн, иудейæгтимæ æмдзæхдон куыд
хъуамæ кæнон? Кад æмæ радæй куы лæггад
кæнын Саулы хæдзарæн дæр, Саулы æфсы-
мæртæн дæр æмæ йæ хæлæрттæн дæр! Дæу
дæр Давиды къухмæ куы нæ радтон! Уæд
мыл ныр ды сылгоймаджы тыххæй тæри-
гъæд мысыс? 9Хуыцау Авнерæн афтæтæ æмæ
уфтæтæ, стæй ноджы фыддæртæ бакæнæд,
Дунедарæг Давидæн сомы цæмæй кодта,
æз ын уый куынæ саразон! 10Цæмæй Саулы
хæдзары паддзахдзинадæн кæрон æрцæуа,
æмæ Давид паддзахиуæг кæна Израил æмæ
Иудæйы, Данæй суанг Беер-Шевæйы онг».

11Йевосфет ницыуал сфæрæзта Авнеры
ныхмæ сдзурын, уымæн æмæ дзы тæрсгæ
кодта.

12Ныр Авнер та Давидмæ лæгтæ арвыста,
цæмæй йын зæгъой: «Ацы зæхх кæй хъуамæ
уа, дæу йеддæмæ? Фидыд сараз мемæ, æмæ
дын баххуыс кæндзынæн, цæмæй æппæт
Израилы адæм дæ фарс фæуой». — 13«Хорз, —
дзуапп ын радта Давид, — сараздзынæн.
Æрмæст дæ иу хъуыддаг курын: дæхи мын
ма фенын кæн, Саулы чызг Мелхолæйы мын
демæ куынæ æрбахонай, уæд».

14Давид Саулы фырт Йевосфетмæ лæгтæ
арвыста, цæмæй йын зæгъой: «Ратт мын мæ
ус Мелхолæйы. Æз уыыл филистимæгты су-
нæты сæдæ лыггаджы бафыстон».

15Йевосфет Мелхолæмæ адæмы арвыста,
цæмæй йæ ракæной йæ мойæ, Лаишы фырт
Палтиелæй. 16Йæ мой йæ фæдыл Бахуримы
онг дзыназгæ фæцыди. Авнер ын загъта:
«Аздæх фæстæмæ». Æмæ аздæхти.

17Авнер Израилы хистæрты раз раныхас
кодта: «Сымах Давиды уæхицæн паддзахæн
рагæй агуырдтат. 18Гъеныр уæ фæнд сæххæст
кæнут, уымæн æмæ Дунедарæг афтæ загъта

Давиды тыххæй: „Мæ цагъар Давиды фæрцы
Мæ адæмы, Израилы, филистимæгтæ æмæ
се 'ппæт иннæ знæгтæй фервæзын кæндзы-
нæн“». 19Афтæ загъта Авнер Бениамины
байзæддæгтæн дæр. Уый фæстæ араст ис
Хевронмæ, Израил æмæ Бениамины хæдзар-
вæндаджы фæндон Давидæн радзурынмæ.
20Ссæдз лæджы йемæ, афтæмæй схæццæ ис
Давидмæ, Хевронмæ, æмæ сын Давид ку-
ывд скодта. 21Авнер Давидæн загъта: «Цæй,
æз ныр ацæуон æмæ мæ бардарæгмæ, мæ
паддзахмæ, æппæт Израилы адæмы дæр
æрхонон, цæмæй демæ фидыд саразой, æмæ
ды паддзах уай, кæмæн дæ фæнды, уыдонæн
се 'ппæтæн дæр». Давид сразы ис Авнеры
ныхасыл, æмæ уый фарнимæ араст ис.

22Уыцы рæстæг Давиды хæстонтæ, Йоав
сæ сæргъы, афтæмæй дзæвгар æфтиагимæ
хæстон балцæй æрбаздæхтысты. Авнеры Да-
видмæ нал баййæфтой Хевроны, уымæн æмæ
йæ уый уæдмæ ауагъта, æмæ фарнимæ ацыди.
23Йоав куыддæр Давиды хæстонтимæ æрхæц-
цæ ис, афтæ йæм хабаргæнæг фæци, Неры
фырт Авнер паддзахмæ уыди æмæ йæ уый
фарнимæ ауагъта, зæгъгæ. 24Йоав паддзахмæ
бацыди æмæ йын загъта: «Уый цы бакод-
тай? Авнер дæм йæхи къахæй куы æрбацыди,
уæд ма йæ цæмæн ауагътай? 25Зонгæ йæ куы
кæныс, Неры фырт Авнер дæ афæливынмæ
хъавы, хъуамæ дын дæ ацыд æмæ æрбацыд
сбæлвырд кæна, дæ фæндтæ дын базона».

26Йоав Давиды разæй куы рацыди, уæд йе
'вастæй Авнеры фæстæ йæ адæмы арвыста,
æмæ йæ уыдон Сирайы донуаты цурæй фæс-
тæмæ раздæхтой. 27Авнер Хевронмæ фæстæ-
мæ куы баздæхти, уæд æй Йоав кулдуарæй
фæмидæг кодта, цыма йын аивæй цыдæр
зæгъынмæ хъавыд, уый хуызæн æмæ йын
уым йæ гуыбын барæхуыста, йе 'фсымæр
Асаелы туг дзы райста.

28Хабар фехъусгæйæ, Давид загъта: «Дуне-
дарæджы раз æнустæм сыгъдæг дæн æз, æмæ
мæ паддзахад дæр сыгъдæг у: мæ азым нæй
Неры фырт Авнеры тугныккалды. 29Уыцы
туджы азар Йоавы сæрыл æмæ йæ мыггаджы
фæдыл æфтыд фæуæд! Йоавы хæдзар ма-
куы схицæн уæд нæлгоймаджы низтæ æмæ
хъотырæй, йæ байзæддæгтæ лæдзæджы
æнцæйтты цæуæнт, кардылæфтыд фæуæнт
æмæ къæбæрæй хъуаг æййафæнт!».

30Йоав æмæ йе 'фсымæр Авишай та Ав-
неры, се 'фсымæр Асаелы сын кæй амардта
Гивоны хæсты, уый тыххæй амардтой.

31Йоав æмæ, йемæ чи уыди, æппæт уыцы
адæмæн Давид загъта: «Уæ дарæс арæдувут
фæйнæрдæм, сæхъистæ скæнут уæ уæлæ
æмæ Авнерыл уæ цæссыг калут». Паддзах
Давид йæхæдæг дæр Авнеры сынты фæдыл
цыди. 32Хевроны йæ бавæрдтой, æмæ йыл
паддзах йæ зæппадзы цур хъæлæсы дзагæй
куыдта. Йемæ куыдтой æппæт дзыллæ дæр.
33Авнерыл паддзах ахæм хъарæг скодта:

«Æнаккаджы адзал цæмæн каст уæд-
дæр Авнермæ?
34 Дæ къухтæ баст дæр куы нæ уыдысты,
дæ къæхтыл хъадамантæ дæр
куы нæ уыд;
фыдгæнджыты къухæй чи амæлы,
уыйау куыд бабын дæ!»

Æмæ йыл дзыллæ ноджы тынгдæр
ныккуыдтой.

35Фæстæдæр, рухс ма уыди, афтæмæй адæм
иууылдæр Давидмæ хатыдысты, цæмæй исты
скомдзаг кæна. Фæлæ Давид ард бахордта: «Аф-
тæтæ æмæ уфтæтæ, стæй мын ноджы фыддæр-
тæ бакæнæд Хуыцау, æз хуры анигуылдмæ мæ
дзыхмæ исты куы схæссон, уæд!» 36Адæм уый
куы федтой, уæд сын æхсызгон уыди, паддзахы
алы хъуыддаг дæр-иу сын куыд æхсызгон уыд,
афтæ. 37Уыцы бон æппæт æфсад, стæй Израилы
адæм иууылдæр, базыдтой, Неры фырт Авнеры
мæлæтмæ паддзах кæй ницы бар дары, уый.

38Паддзах йæ дæлдæртæн загъта: «Абон
Израилы стыр æфсады хицау кæй амарди,
уый зонут. 39Кæд мæ паддзахæй байсæрстой,
уæддæр мæнмæ нырма уый бæрц тых нæй,
ацы Церуайы фырттæ та æгæр æгъатыр сты.
Фæлæ сын Дунедарæг схос кæнæд сæ фыд-
ракæнды тыххæй!»

**4** Саулы фырт Йевосфет, Авнер Хевроны
фæмард ис, зæгъгæ, уый куы фехъуыста, уæд
йе уæнгтæ æруагъта. Бакатай кодтой Изра-
илы адæм дæр. 2Саулы фырты хæстонтæн
уыди дыууæ æфсады хицауы, сæ иуæн йæ
ном — Баана, иннæмæн та — Рехав, бееротаг
Риммоны фырттæ, Бениамины байзæддæг-
тæ (Беерот дæр нымад æрцыди Бениамины
сахарыл; 3йæ раздæры цæрджытæ Гитаим-
мæ ралыгъдысты, æмæ ма ныронг дæр уым
æрцæуæггæгтыл нымад сты).

4Саулы фырт Ионатанæн уыдис иу къу-
ылых фырт. Саул æмæ Ионатаны амарды
хабар куы æрбайхъуысти Изреелæй, уæд ыл
цыди фондз азы. Йæ дыджызæ йæ фелвæста
æмæ лидзынмæ фæци. Фыр тагъдæй саби
йæ къухтæй æрхауди æмæ фæкъуылых ис.
Йæ ном хуынди Мефивошет.

5Бееротаг Риммоны фырттæ Рехав æмæ
Баана, бон йæ тæккæ тæвдыл уыд, афтæ

Йевосфеты хæдзары дуармæ балæууыдысты,
уый бонрæфты йæ уаты куы улæфыди, раст
уыцы афон. 6Дуаргæрон хор цы сылгоймаг
æвзæрста, уый афынæй æмæ Рехав æмæ йе
’фсымæр Баанайы нæ бафиппайдта. 7Уыдон
мидæмæ бацыдысты. Йевосфет хуыссыди
йæ сынтæджы. Ныррæхуыстой йæ æмæ йæ
амардтой, йæ сæр ын ракодтой æмæ йæ семæ
рахастой. Иорданы дæлвæзы æхсæв-бонмæ
фæцыдысты.
8Йевосфеты сæр бахастой Хевроны сахар-
мæ, паддзах Давидмæ. Загътой йын: «Мæнæ,
амарынмæ дæ чи хъавыди, уымæн, де знаг
Саулæн, йæ фырт Йевосфеты сæр. Дунеда-
рæг мæ хицау æмæ мæ паддзахæн йæ маст
райста Саул æмæ йæ байзæддæгтæй».
9Фæлæ ахæм уыди Давиды дзуапп Рехав
æмæ йе ’фсымæр Баанайæн, беэротаг Рим-
моны фырттæн: «Сомы кæнын Дунедарæгæй,
алы фыдбылызæй мæ Чи фервæзын кодта,
Уымæй: 10Саулы амæлæты хабар мæм чи
æрбахаста æмæ йæхицæн цины уацхæссæг
æнхъæл чи уыд, æз уымæ куы фæлæбурдтон
æмæ йæ куы амардтон Циклагы, уый дын
хæрзæггурæггаг, зæгъгæ, 11уæд ныр сымах,
æнаккæгтæ, раст лæджы йæхи хæдзары,
йæхи сынтæджы куы ныммардтат, уæд ын
йæ туг куыннæ хъуымæ райсон сымахæй æмæ
уæ куыд нæ фесафон а зæххæй?»
12Давид йæ дæлдæртæн бардзырд радта,
æмæ сæ амардтой, стæй сын сæ къухтæ æмæ
сæ къæхтæ ракодтой æмæ сын сæ мæрдтæ
афтæмæй Хевроны цады цур æрцауыгътой.
Йевосфеты сæр та райстой æмæ йæ бавæрд-
той Хевроны, Авнеры зæппадзы.

**5** Израилы хæдзарвæндæгтæ иууылдæр
æрцыдысты Давидмæ Хевронмæ æмæ йын
загътой: «Дæ туг, де стæг стæм мах. 2Амæй
размæ дæр, Саул паддзахиуæг куы кодта, уæд
ды лæууыдтæ Израилы æфсады сæргъы. Дуне-
дарæг дын загъта: „Ды хъахъхъæндзынæ Мæ
адæмы, Израилы, ды уыдзынæ сæ фæтæг“».
3Израилы хистæртæ æмхуызонæй паддзахмæ
Хевронмæ æрбацыдысты. Уым, Дунедарæджы
раз, паддзах Давид семæ фидыд сарæзта, æмæ
йæ Израилæн паддзахæй байсæрстой.
4Дæс æмæ ссæдз азы цыди Давидыл, пад-
дзах куы сси, уæд, паддзахиуæг та кодта
дыууиссæдз азы. 5Хевроны авд азы æмæ
æхсæз мæйы дæргъы паддзахиуæг кодта
Иудæйæн, Йерусалимы та — æппæт Израил
æмæ Иудæйы — æртындæс æмæ ссæдз азы.
6Паддзах йæ хæстонтимæ араст Йеруса-
лиммæ, уымы цæрæг йевусæгты ныхмæ
хæцынмæ. Уыдон Давидæн загътой: «Нæ дын
бантысдзæн ардæм æрбацæуын, цалынмæ
куырмытæ æмæ къуылыхты ардыгæй аиу-
варс кæнай, уæдмæ». Уыдон афтæ æнхъæл
уыдысты, Давид сахармæ нæ бацæудзæн.
7Фæлæ Давид басаста Сионы фидар, æмæ
уый ныр Давиды сахар у.
8Æмæ загъта Давид уыцы бон: «Йевусæг-
тимæ чидæриддæр хæцы, уый сæ цæгъ-
дæд! Давид йе сæфт уыны „къуылыхтæ æмæ
куырмытæй“». Уымæн загъдæуы: «Куырм
æмæ къуылыхæн Дунедарæджы хæдзармæ
фæндаг нæй».
9Давид æрцарди фидары, Давиды сахар
æй схуыдта æмæ йын Миллойæ мидæмæ,
фидары онг, йæ алыварс бæстыхæйттæ са-
рæзта. 10Давиды хъомыс фылдæрæй-фылдæр
кодта — Дунедарæг, Уæларвæфсады Барда-
рæг, уыди йемæ.
11Тиры паддзах Хирам Давидмæ йæ минæ-
вæрттты æрбарвыста, семæ — кедр хъæдæр-
мæг, ноджы — дурамайджытæ æмæ хъæд-
дæснытæ, æмæ Давидæн галуан сарæзтой.
12Давид бамбæрста, Израилæн æй паддзахæй
Дунедарæг кæй сæвæрдта æмæ йын йæ пад-
дзахад Израилы, Йæ адæмы сæраппонд кæй
скадджын кодта.
13Давид Хевронæй куы æрбацыди, уæд ма
Йерусалимы дæр номылустытæ æмæ устытæ
скодта, æмæ ма йын уыдонæй дæр рацыди
фырттæ æмæ чызджытæ. 14Мæнæ, Йерусали-
мы йын чи райгуырд, уыдоны нæмттæ: Шам-
муа, Шовав, Натан, Соломон, 15Ивхар, Елишуа,
Нефег, Йафиа, 16Елишама, Елйада, Елифелет.
17Филистимæгтæ фехъуыстой, Давиды
Израилæн паддзахæй кæй байсæрстой, уый
æмæ æмхуызонæй йæ агурæг фæраст сты,
æрцахсæм æй, зæгъгæ. Давид уый куы ба-
зыдта, уæд фидары бацыд. 18Филистимæгтæ
ссыдысты æмæ Рефаимы дæлвæз бацахстой.
19Давид Дунедарæджы бафарста: «Филисти-
мæгты ныхмæ цæуон æви нæ? Мæ къухмæ
сæ ратдзынæ?» Дунедарæг ын загъта: «Цу,
ратдзынæн сæ дæ къухмæ æнæмæнг».
20Давид бацыди Баал-Перациммæ æмæ
сæ уым ныддæрæн кодта. Загъта: «Дон йæ
ауæзт куыд атоны, афтæ мын мæ цæсты
раз ме знæгты æнгом рæнхъытæ батыдта
Дунедарæг». Уымæ гæсгæ ацы бынат схуы-
ыдтой Баал-Перацим. 21Филистимæгтæн сæ
гуымирытæ уым дзæгъæлæй баззадысты,
æмæ сæ Давид æмæ йæ адæм семæ рахастой.

**5:20** Ома «Дунедарæг батыдта». **5:20** *Баал-Перацим* дзут-
тагау амоны «батынды хицау».

22Филистимæгтæ та ногæй ссыдысты æмæ
Рефаимы дæлвæз бацахстой. 23Давид дæр
та Дунедарæджы бафарста, æмæ йын Уый
дзуапп радта: «Сæ ныхмæ ма ссу, фæлæ сæ
иувæрсты æрзил æмæ тута бæлæсты къохы
'рдыгæй сæ чъылдыммæ баздæх. 24Æмæ,
цыма тута бæлæсты цъуппытæй къахуы-
нæр хъуысы, афтæ дæм куы фæкæса, уæд-иу
райдай хæцын — уый Дунедарæг рацыди дæ
разæй филистимæгты æфсад цæгъдынмæ».
25Давид сæххæст кодта Дунедарæджы фæ-
дзæхст æмæ филистимæгты дæрæн кодта
Гевæйæ суанг Гезеры онг.

**6** Давид та ногæй æрæмбырд кодта Израилы
æвзаргæ лæгты, дæс æмæ ссæдз мины бæрц,
2æмæ семæ ацыд иудейаг сахар Бааламæ,
цæмæй уырдыгæй æрбахæссой Хуыцауы
Фидыды Чырын, херувимтыл Æнцайæджы,
Уæларвæфсады Бардарæджы ном чи хаста,
уый. 3-4Хуыцауы Фидыды Чырын сæвæрдтой
ног уæрдоныл æмæ йæ раластой Авинадавы
хæдзарæй, уæлкъуыбырæй. Уæрдон бакод-
той Авинадавы фырттæ Узза æмæ Ахйойы
бар. Фидыды Чырынæн йæ разæй цыди Ахйо.
5Давид æмæ æппæт израилæгтæ та Дуне-
дарæджы раз фыр цинæй кафыдысты æмæ
зарыдысты, хъисфæндыртæй, дыууадæс-
тæнонтæй, далатæй, къæрцгæнæнтæй æмæ
æмдзæгъдгæнæнтæй цагътой.
6Нахоны мусы цурмæ куыд бахæццæ сты,
афтæ ифтыгъд галтæ уæрдон фæкъул код-
той, æмæ Узза Фидыды Чырынмæ къухæй
февнæлдта, ма рахауа, зæгъгæ. 7Дунедарæг
смæсты ис Уззамæ æмæ йæ тæккæ уыцы ран
æрцавта; Узза мардæй æрхауди Хуыцауы
Фидыды Чырыны раз. 8Давид тынг фæмаст
кодта, Дунедарæг Уззайы кæй æрцавта, уыл,
æмæ уыцы бынат схуыдта Перец-Узза. Абон
дæр афтæ хуыйны.
9Уыцы бон Давид тынг фæтарсти Дуне-
дарæгæй æмæ загъта: «Цы ныфсæй ма ба-
хæссон Хуыцауы Фидыды Чырын мæхимæ?»
10Давиды нæ бафæндыди Дунедарæджы
Фидыды Чырын Давиды сахармæ аласын
æмæ йæ гатаг Овед-Едомы хæдзармæ ар-
выста. 11Дунедарæджы Фидыды Чырын гатаг
Овед-Едомы хæдзары фæци æртæ мæйы,
æмæ йын Дунедарæг арфæ ракодта йæхицæн
дæр æмæ йæ хæдзаронтæн дæр.
12Паддзах Давидмæ фæхабар чындæуыд,
Хуыцауы Фидыды Чырыны фæрцы Овед-Едом
æмæ йæ хæдзар Дунедарæгæй арфæгонд
фесты, зæгъгæ. Давид ацыд æмæ Хуыцауы
Фидыды Чырын Овед-Едомы хæдзарæй Да-
виды сахармæ цингæнгæ æрбахаста. 13Дуне-
дарæджы Фидыды Чырын чи хаста, уыдон-иу
размæ æхсæз санчъехы куы акодтой, уæд
та-иу Давид нывондæн æрхаста гал æмæ
хæрзхаст род. 14Давид, йæ уæлæ сауджыны
кæттаг ефод, афтæмæй Дунедарæджы раз йæ
кафынæй нал æнцад. 15Хъæртæ æмæ сыкъа-
уадындзы зæлтимæ Давид æмæ æгас Израил
æрбахастой Дунедарæджы Фидыды Чырын.
16Давиды сахармæ Дунедарæджы Фиды-
ды Чырын куы бацæйластой, уæд Саулы
чызг Мелхолæ рудзынгæй ракаст, паддзах
Давиды Дунедарæджы раз фыр цинæй гæп-
пытæгæнгæ æмæ кафгæ федта æмæ йыл йæ
мидзæрдæйы бабылысчъил.
17Дунедарæджы Фидыды Чырын бахастой
æмæ йæ, Давид ын цы цатыр саразта, уым
нысангонд бынаты сæвæрдтой. Давид Дуне-
дарæгæн иууылсудзинаг нывæндтæ æмæ фи-
дыды нывæндтæ æрхаста. 18Иууылсудзинаг
нывæндтæ куы æрхаста, уæд Уæларвæфсады
Бардарæджы номæй адæмæн арфæ ракодта
19æмæ стæй æппæт адæмæн, чи æрбамбырд
ис, уыцы израилæгтæн, нæлгоймагæй, сыл-
гоймагæй, фæйнæ дзулы, финикты æмæ
чисмисты фæйнæ гуылы байуæрста. Уый
фæстæ адæмæй алчи йæ хæдзармæ ацыд.
20Давид сæхимæ куы æрбаздæхт, уæд æй
фæндыди йæхи хæдзарæн дæр арфæ ракæ-
нын. Саулы чызг Мелхолæ йæ размæ рауад
æмæ загъта: «Куыд фесгуыхти абон Израилы
паддзах! Æдылыйау йæ цагъарты унæутты
раз йæхи куыд сбæгънæг кодта!» 21Давид ын
дзуапп радта: «Уыдоны раз нæ, фæлæ мæ
дæ фыд æмæ йæ хæдзарвæндаджы бæсты
Израилæн, Дунедарæджы адæмæн, фæтæ-
гæй Чи равзæрста, Уый раз! Дунедарæджы
раз кафынмæ æз цæттæ дæн! 22Уадз æмæ
ноджы ницæйагдæр фестон, ноджы тынг-
дæр æрныллæг уон Йæ разы, фæлæ, кæмæй
загътай, уыцы унæутты цæсты та æз уыдзы-
нæн кадджын».
23Саулы чызг Мелхолæйæн йæ амæлæты
бонмæ цот нæ рацыд.

**7** Паддзах æрцарди йæ галуаны. Дунедарæг
æй сæдас кодта йæ алфамбылай знæгтæй.
2Æмæ иуахæмы паддзах пехуымпар Ната-
нæн загъта: «Кæс-ма, æз мæнæ кедрæй конд
галуаны цæрын, Хуыцауы Фидыды Чырын та
цатыры лæууы». 3Натан загъта паддзахæн:
«Дæ зæрдæ дæм куыд дзуры, афтæ кæн, уы-
мæн æмæ Дунедарæг демæ ис».

**6:8** Ома «Уззайы æрцавд».

4Фæлæ тæккæ уыцы æхсæв Дунедарæг
раргом ис Натанмæ: 5«Цу æмæ Мæ цагъар
Давидæн зæгъ: „Афтæ зæгъы Дунедарæг:
дæумæ гæсгæ, Мæнæн Мæ цæрæн хæдзар
аразæг ды уыдзынæ? 6Израилæгты Мы-
сырæй куы ракодтон, уæдæй нырмæ Мын
хæдзар куы нæ уыди — цатыры цыдтæн
Æз балцы. 7Израилæгтимæ кæмфæнды куы
хаттæн, уæд дæр, Мæ адæмы, Израилы, кæй
бæрны бакодтон, сæ уыцы фæтæгтæй кæд
кæмæн загътон, кедрæй хæдзар Мын цæ-
уылнæ саразут, зæгъгæ?“ 8Ды Мæ цагъар
Давидæн фехъусын кæн: „Афтæ зæгъы Уæ-
ларвæфсады Бардарæг: Æз дæу сæрвæтæй,
дæ фысты дзугæй, уый тыххæй ракодтон,
цæмæй суай Мæ адæмы, Израилы, фæтæг.
9Кæдæмфæнды цыдаис — алы ран дæр Æз
демæ уыдтæн æмæ дын де знæгты иууыл-
дæр ныццагътон. Æз дын дæ ном скадджын
кæндзынæн, кадджындæр цы нæмттæ ис
а зæххыл, уыдонæй иу уыдзæни. 10Æз Мæ
адæмæн, Израилæн, бынат скæндзынæн,
уым сæ æрбындурон кæндзынæн, æмæ сæ-
хицæн æдасæй цæрдзысты; æнаккæгтæ сæ
нал æфхæрдзысты раздæрау, 11Мæ адæмæн,
Израилæн, сæ сæргъы тæрхоны лæгтæ куы
æвæрдтон, уыцы заман куыд уыди, афтæ.
Æз дæ сæдас кæндзынæн уе ’ппæт знæгтæй
дæр. Дунедарæг дын зæгъы, дæуæн Уый
Йæхæдæг кæй сараздзæни хæдзар. 12Дæ
царды бонтæ куы фæуой æмæ дæ фыдæлты
фарсмæ куы æрæнцайай, уæд та паддза-
хæй сæвæрдзынæн дæ байзæддаджы, дæ
туг, де стæджы, æмæ йын йæ паддзахад
сфидар кæндзынæн. 13Мæ номыл хæдзар
уый сараздзæн, æмæ йын Æз йæ паддзахы
бадæн æмæ йæ паддзахад сфидар кæндзы-
нæн æнустæм. 14Æз уымæн уыдзынæн Фыд,
уый та Мын уыдзæни фырт. Тæригъæды куы
бацæуа, уæд ыл, адæммæ куыд вæййы, афтæ
уисæй æрцæуудзынæн, фыд йæ фырты куыд
фæнæмы, афтæ йæ фæнæмдзынæн. 15Фæлæ
дзы Мæ хорзæх фæстæмæ нæ райсдзынæн,
Мæхи кæуыл атигъ кодтон æмæ дæуæн кæй
паддзахдзинад радтон, уыцы Саулау. 16Дæ
хæдзарвæндаг æмæ дæ паддзахад никуы
фæцудддзысты, æмæ лæудзæни дæ паддзахы
бадæн Мæ разы æнустæм“».
17Хуыцау æм кæй раргом ис, уый Натан
Давидæн радзырдта, æппæт ныхæстæ йын
рафæзмыдта.
18Паддзах Давид Дунедарæджы цатыр-
мæ бацыди, æрзоныг кодта æмæ загъта:
«О Бардарæг Хуыцау! Чи дæн æз æмæ чи
сты мæ фыдæлтæ дæр, цæмæй мæ афтæ
бæрзонд сисай? 19Фæлæ Дæм уый дæр фаг
нæ фæкасти, о Бардарæг Хуыцау, æмæ ма Дæ
цагъары хæдзарвæндагæн йæ дард сомбоны
кой дæр бакодтай! Афтæ аудыс адæймагыл
Ды, о Дунедарæг, мæ Хуыцау! 20Цы ма Дын
зæгъа Давид? Ды Дæ цагъары Дæхæдæг зо-
ныс, о Дунедарæг, мæ Хуыцау! 21Дæ дзырд
æмæ Дæ фæндонæй скодтай Ды уыцы стыр
кад æмæ йæ раргом кодтай Дæ цагъарæн.
22Стыр дæ Ды, о Дунедарæг, мæ Хуыцау!
Нæхи хъусæй куыд фехъуыстам, афтæмæй
Ды дæ, æмбал Кæмæн нæй, уыцы иунæг
Хуыцау! 23Зæххон адæмтæй дæр кæцыйæн
ис абарæн Дæ адæмимæ, Израилимæ? Ды
сæм раргом дæ, цæмæй сæ балхæнай æмæ
Дæхи бауой, сæ сæраппонд стыр диссæгтæ
саразай æмæ Дæ ном скадджын кæнай. Ды,
Дæхицæн Мысырæй кæй раирвæзын кодтай,
Дæ уыцы адæмы цурæй æндæр адæмты æд
хуыцæуттæ фæсырдтай. 24Ды израилæгты
æнустæм Дæхи адæм скодтай æмæ Ды, Ду-
недарæг, сдæ сæ Хуыцау!

25О Дунедарæг Хуыцау, Дæ цагъар æмæ йæ
хæдзарвæндаджы тыххæй цы ныхас загъ-
тай, уый ныффидар уæд æнустæм! Куыд
загътай, афтæ бакæн! 26Æнустæм кадджын
уæд Дæ ном! Афтæ куыд дзурой: „Израилы
Хуыцау — Уæларвæфсады Бардарæг“. Æмæ
кæддæриддæр Дæ разы уæд Дæ цагъар Да-
виды хæдзарвæндаг. 27Ды, Уæларвæфсады
Бардарæг, Израилы Хуыцау, Дæ цагъарæн
хæдзар саразынæй зæрдæ бавæрдтай, æмæ
Дæм кувын дæр уымæн уæндын. 28О Дуне-
дарæг Хуыцау, Ды — иунæг Хуыцау! Дæуæн
Дæ ныхас фидар у! Ды фехъусын кодтай Дæ
цагъарæн фарны хабар! 29Уæдæ арфæ ракæн
Дæ цагъары хæдзарæн, цæмæй æнустæм
уа Дæ разы. О Дунедарæг, мæ Хуыцау, Ды
уымæй Дæхæдæг бавæрдтай зæрдæ, æмæ
Дæ цагъары хæдзар Дæ арфæйæ арфæгонд
уæд æнустæм».

**8** Уымæй чысыл фæстæдæр Давид басаста
филистимæгты æмæ сæ йæ дæлбар бакодта.
Сæ къухæй сын байста Метег-Аммайы сахар.
2Басаста моавæгты дæр; зæххыл сæ æр-
хуыссын кодта, бæндæнæй сæ абарста æмæ
æртæ бæндæны рауадысты: дыууæ бæндæны
дзы марынмæ радта, иу та удæгасæй ныу-
уагъта. Моавæгтæ Давиды дæлбар баисты
æмæ йын хъалон фидын райдыдтой.
3Давид басаста Реховы фырт Адад-Езеры
дæр, Цовайы паддзахы, уый Евфраты тæрф-
мæ йæ раздæры бархъомыс сæндидзынмæ

куы бабырста, уӕд. 4Давид ын йӕ бӕхджын-
тӕй иу мин ӕмӕ авдсӕдӕ лӕджы райста
уацары, йӕ фистӕг ӕфсадӕй — ссӕдз мины.
Сӕдӕ тохуӕрдоны ӕд бӕхтӕ йӕхицӕн ныу-
уагъта, иннӕ бӕхтӕн та се счъилты нуӕрттӕ
адзӕнгӕл кодта. 5Цовайы паддзах Адад-
Езермӕ ӕххуысмӕ ӕрбацыдысты дамас-
каг арамейӕгтӕ, ӕмӕ Давид уыдонӕй дӕр
дыууӕ ӕмӕ ссӕдз мины ныццагъта. 6Давид
йӕ барджынты ӕрӕвӕрдта дамаскаг араме-
йӕгты зӕххыл, арамейӕгтӕ басастысты ӕмӕ
йын хъалон фидын райдыдтой. Дунедарӕг
аудыдта Давидыл, ӕмӕ уый кӕмфӕнды дӕр
уӕлахиз кодта. 7Адад-Езеры дӕлдӕртӕн
Давид сӕ сыгъзӕрин уартытӕ байста ӕмӕ
сӕ Йерусалиммӕ схаста. 8Адад-Езеры сахар-
тӕ Бетах ӕмӕ Беротайӕ тынг бирӕ ӕрхуы
ратӕлӕт кодта паддзах Давид.

9Хаматы паддзах Тоимӕ байхъуысти, Да-
вид Цовайы паддзах Адад-Езеры ӕфсад
кӕй ныддӕрӕн кодта, уый 10ӕмӕ йӕ фырт
Йорамы паддзах Давидмӕ арвыста, цӕмӕй
йын салам ратта ӕмӕ йын, Адад-Езерыл кӕй
фӕуӕлахиз, уый тыххӕй арфӕ ракӕна. Уы-
мӕн ӕмӕ Тои ӕмӕ Адад-Езеры ’хсӕн ӕдзух-
дӕр хӕстытӕ цыди. Йорам Давидӕн йемӕ
сыгъзӕрин, ӕвзист ӕмӕ ӕрхуы дзауматӕ
ахаста. 11Паддзах Давид сӕ, кӕй басаста,
ӕппӕт уыцы адӕмтӕй байсгӕ ӕвзист ӕмӕ
сыгъзӕринтимӕ Дунедарӕгӕн мысайнаг
сӕвӕрдта. 12Уыцы ӕвзист ӕмӕ сыгъзӕ-
рин ист ӕрцыдысты едомӕгтӕ, моавӕгтӕ,
аммонӕгтӕ, филистимӕгтӕ, амалекӕгтӕ
ӕмӕ Цовайы паддзах Адад-Езерӕй, Рехо-
вы фыртӕй.

13Давид йӕхицӕн ном скодта, Цӕхджын
дӕлвӕзы едомӕгтӕй ӕстдӕс мины куы ныц-
цагъта, уӕд. 14Йӕ барджынты ӕрӕвӕрдта
Едомы, ӕнӕхъӕн Едом сӕ къухы уыд, ӕмӕ
адӕм иууылдӕр йӕ дӕлбар баисты. Кӕм-
фӕнды хӕцыдаид Давид — алы ран дӕр ын
Дунедарӕг уӕлахиз лӕвӕрдта.

15Давид паддзахиуӕг кодта ӕгас Израилы,
адӕмӕн тӕрхон кодта ӕмӕ раст уынаффӕ
хаста. 16Церуайы фырт Йоав уыд ӕфсады
хицау, Ахилуды фырт Йошафат — азфыссӕг,
17Ахитувы фырт Цадок ӕмӕ Авиафары фырт
Ахимелех — сауджынтӕ, Серай — нымӕрдар,
18Йеходайы фырт Бенайа разамынд лӕвӕрд-
та керетӕгтӕ ӕмӕ пелетӕгтӕн, Давиды
фырттӕ уыдысты сауджынтӕ.

**9** Давид загъта: «Саулы бинонтӕй, цымӕ,
ничиуал баззади? Фӕнды мӕ, Ионатаны сӕр
хъуыды кӕнгӕйӕ, уымӕн баххуыс кӕнын».
2Саулы хӕдзаронтӕй иу хуынди Цива.
Давидмӕ йӕм фӕсидтысты, ӕмӕ йӕ пад-
дзах бафарста: «Цива ды дӕ?» Уый дзуапп
радта: «О, ӕз, дӕ цагъар». 3Паддзах та йӕ
бафарста: «Ау, Саулы бинонтӕй иу дӕр нал
ис? Хуыцауы хорзӕх мӕ куы уаид, уӕд ын
ӕз баххуыс кӕнин». Цива йын дзуапп рад-
та: «Ионатанӕн ма иу къуылых лӕппу баз-
зад». 4Паддзах ӕй бафарста: «Кӕм ис?» Цива
дзуапп радта: «Ло-Деварды, Аммиелы фырт
Махиры хӕдзары».

5Уӕд ӕм паддзах Давид арвыста, ӕмӕ йӕ
Ло-Деварӕй, Аммиелы фырт Махиры хӕдза-
рӕй, ӕрбахонын кодта. 6Саулы фырты фырт,
Ионатаны фырт Мефивошет бацыди Давид-
мӕ ӕмӕ йӕ разы йӕ зонгуытыл ӕрхаудис.
«Мефивошет!» — сдзырдта йӕм Давид.
«Мӕнӕ ис дӕ цагъар», — дзуапп радта уый.
7Давид ын загъта: «Ма тӕрс. Дӕ фыд Ио-
натаны сӕр хъуыды кӕнгӕйӕ, ӕз дӕуӕн
ӕнӕмӕнг хорзы бацӕудзынӕн. Дӕ фыды
фыд Саулы зӕххытӕ дын иууылдӕр фӕстӕ-
мӕ ратдзынӕн, дӕхӕдӕг та кӕддӕриддӕр
мемӕ ӕмвынг уыдзынӕ». 8Мефивошет та
йын ныллӕг акуывта ӕмӕ загъта: «Дӕ ца-
гъар ӕмӕ хӕдмӕл куыдз — иу, уӕд ӕм де
’ргом куыд раздӕхтай?»

9Паддзах фӕдзырдта Саулы фӕсдзӕуин
Цивамӕ ӕмӕ йын загъта: «Саул ӕмӕ йӕ
бинонты къухы цыдӕриддӕр уыди, уыдон
дӕ хицауы фыртӕн дӕттын. 10Кус ын йӕ
зӕххыл дӕ фырттӕ ӕмӕ дӕ цагъартимӕ
ӕмӕ йын йӕ тыллӕг дӕтт, цӕмӕй дӕ хицау
мацы хъуаг уа. Дӕ хицауы фырт Мефивошет
йӕхӕдӕг та кӕддӕриддӕр мемӕ ӕмвынг
уыдзӕнис». (Цивайӕн уыди фынддӕс фырты
ӕмӕ йӕм уыд ссӕдз цагъары.)

11Цива паддзахӕн загъта: «Мӕ бардарӕг
ӕмӕ мӕ паддзах йӕ цагъарӕн цыдӕриддӕр
фӕдзӕхсы, уыдон ӕххӕстгонд уыдзысты».
Ныр Мефивошет та паддзахы фырттау
Давидимӕ ӕмвынг уыди. 12Мефивошетӕн
уыди фырт, нырма чысыл лӕппу, йӕ ном —
Миха. Цивайы хӕдзаронтӕ се ’ппӕт дӕр
лӕггад кодтой Мефивошетӕн. 13Мефивошет
царди Йерусалимы, уымӕн ӕмӕ кӕддӕ-
риддӕр паддзахимӕ иу фынгыл бадти. Йӕ
дыууӕ къахӕй дӕр къуылых уыдис.

**10** Цасдӕр рӕстӕджы фӕстӕ аммонаг
паддзах амард, ӕмӕ йӕ бӕсты паддзахиуӕг
кӕнын райдыдта йӕ фырт Ханун. 2Давид
загъта: «Нахаш мын хорзы кӕй бацыд, уый
тыххӕй йын йӕ фырт Хануны зӕрдӕ хъуамӕ
истӕмӕй барухс кӕнон».

Æмæ арвыста йæ дæлдæрты Ханунæн
йæ фыды тыххæй тæфæрфæс ракæнынмæ.
Давиды дæлдæртæ фæцыдысты аммонæг-
ты зæхмæ. 3Фæлæ аммонаг барджынтæ сæ
паддзахæн, Ханунæн, загътой: «Ныр дæ
æцæгдæр уырны, Давид дын дæ фыды сæр
нымайы, æмæ адон дæ зыны заман дæ цуры
уымæн æрбалæууыдысты? Нæ, уый дæм сæ
уый тыххæй æрбарвыста, цæмæй сахарыл
сæ цæст ахæссой, басгарой йæ æмæ йæ стæй
ныггæныстон кæной».
4Уæд Ханун Давиды æрвыст лæгтыл æрхæ-
цыди, сæ боцъотæ сын æрдæгмæ ныддаста,
сæ дарæс сын, се 'рбадæнтæ куыд разыной,
афтæ фæччитæй астæуы онг ачъепп ласта
æмæ сæ афтæмæй ауагъта. 5Давид сын сæ
хабар куы фехъуыста, уæд сæ размæ лæгтæ
арвыста, уымæн æмæ æгад æмæ худинаджы
уавæры уыдысты. Паддзахы бардзырд уыди:
«Цалынмæ уæ боцъотæ разайой, уæдмæ Йе-
рихоны баззайут, стæй æрбаздæхдзыстут».
6Аммонæгтæ куы бамбæрстой, Давидæн
æнæуынон фестадысты, уый, уæд Бет-Рехов
æмæ Цовамæ арвыстой æмæ уымы араме-
йæгтæй ссæдз мин фистæг хæстоны бах-
хуырстой, ноджы ма баххуырстой Маахайы
паддзахы, йемæ мин лæджы, афтæмæй, Товы
адæмæй та — дыууадæс мины. 7Давид уый
куы фехъуыста, уæд сæм Йоавы арвыста
йæ тохвæлтæрд æфсадимæ. 8Аммонæгтæ
рацыдысты æмæ хæстифтонгæй æрлæу-
уыдысты сæ сæйраг сахары кулдуары цур.
Цова æмæ Реховы цæрæг арамейæгтæ æмæ
Тов æмæ Маахайы æфсæдтæ та тыгъд бы-
дыры хицæнæй лæууыдысты. 9Йоав куы
федта, фыдгулы æфсад йæ разæй дæр æмæ
йæ чъылдыммæ дæр лæууы, уый, уæд Изра-
илы хуыздæр хæстонты арамейæгты ных-
мæ æрлæууын кодта. 10Иннæты бакодта йе
'фсымæр Авишайы бар, æмæ сæ уый аммо-
нæгты ныхмæ æрлæууын кодта. 11Йоав ын
загъта: «Гъа, ныр мыл арамейæгтæ уæлахиз
кæнынц, зæгъгæ, уæд-иу мæм æххуысмæ
фæзын, аммонæгтæ дæуыл куы райдайой
тых кæнын, уæд та дæм æз фæзындзынæн.
12Фидар лæуу! Махæн нæ хæс у нæ адæмы
æмæ нæ Хуыцауы сахарты сæраппонд схæ-
цын æмæ, Дунедарæг цы зæгъа, уый уæд».
13Йоав йе 'фсадимæ сæхи андзæрстой ара-
мейæгтыл, æмæ уыдон лидзæг фесты. 14Ам-
монæгтæ куы федтой, арамейæгтæ лидзæг
фесты, уый, уæд уыдон дæр Авишайы разæй
сахармæ сæхи байстой. Аммонæгтимæ хæст
куы ахицæн ис, уæд Йоав Йерусалиммæ
æрбаздæхт.
15Арамейæгтæ куы бамбæрстой, израи-
лæгтæ сыл фæуæлахиз сты, уый, уæд сфæнд
кодтой иумæ æрбамбырд уæвын. 16Адад-Езер
арвыста Евфраты фале цæрæг арамейæгтæм,
æмæ æрбацыдысты Хеламмæ, сæ сæргъы
Адад-Езеры æфсады хицау Шовах, афтæмæй.
17Давид уыцы хабар куы фехъуыста, уæд
æппæт израилæгты æрбамбырд кодта, Иор-
даны фаллаг фарсмæ ахызт æмæ Хеламы цур
балæууыд. Арамейæгтæ йæ ныхмæ хæстиф-
тонгæй ралæууыдысты, æмæ сын тох бацай-
дагъ ис. 18Израилæгтæ арамейæгты лидзæг
фæкодтой. Давид сын сæ бæхтæрджытæй
авд фондзыссæдзы амардта, сæ бæхджын-
тæй — дыууиссæдз мины. Се 'фсады хицау
Шовахы дæр мæлæтдзаг цæф фæкодта, æмæ
уыцы ран амард. 19Адад-Езеры дæлбар пад-
дзæхтæ куы федтой, израилæгтæ фæуæлахиз
сты, уый, уæд Давидимæ бафидыдтой æмæ
йæ дæлбар баисты. Арамейæгтæ сæ ныфс
нал хастой аммонæгтæн æххуыс кæнынмæ.

**11** Иннæ уалдзæг, паддзæхты хæстон бал-
цыты афон, Давид йæ дæлдæртæ æмæ æппæт
израилæгтимæ Йоавы арвыста аммонæгты
сæйраг сахар Раввамæ, цæмæй йыл æртых-
сой æмæ аммонæгты ныддæрæн кæной. Ныр
Давид йæхæдæг та Йерусалимы баззад.
2Иуахæмы изæрæрдæм Давид, æрулæ-
фыны фæстæ йæ уатæй куы растади, уæд
тезгъо кодта йæ галуаны уæлхæдзар æмæ
уырдыгæй иу сылгоймаджы йæхи найгæ
федта. Сылгоймаг тынг рæсугъд уыди, 3æмæ
Давид арвыста, чи у, уый сбæрæг кæнынмæ.
Загътой йын: «Уый Вирсави у, Елиамы чызг,
хеттаг Уриайы бинойнаг».
4Давид арвыста йæ дæлдæрты, æрбакæнут
æй, зæгъгæ. Уый æрбацыди, æмæ Давид йе-
мæ æрæмуат ис (сылгоймаг йæ чъизийæ уый
хæдразмæ ссыгъдæг ис), æмæ уый фæстæ
Вирсави йæ хæдзармæ аздæхт. 5Сылгоймаг
басывæрджын ис æмæ Давидмæ фæхабар
кодта, сывæрджын дæн, зæгъгæ.
6Давид арвыста Йоавмæ: «Рарвит мæм
хеттаг Уриайы». Йоав æм æй рарвыста. 7Уриа
куы æрбахæццæ, уæд æй Давид бафарста
Йоавы æмæ æфсады тыххæй, стæй хæсты
хабæрттæй. 8Уый фæстæ йын загъта: «Дæ хæ-
дзармæ ныццу æмæ дæ фæллад суадз». Уриа
паддзахы къæсæрæй рахызти, æмæ йын йæ
фæдыл паддзахы номæй хуын рахастой.
9Фæлæ Уриа йæ хæдзармæ нæ ацыд. Бах-
сæвиуат кодта паддзахы галуаны къæсæр-
мæ, йæ паддзахы дæлдæртимæ. 10Давидæн
фехъусын кодтой: «Йæ хæдзармæ нæ ацыд

Уриа». Давид ын загъта: «Фæндагыл куы уыд-
тæ, уæд дæ хæдзармæ цæуылнæ ныццæуыс?»
11 Уриа йын дзуапп радта: «Фидыды Чырын,
стæй Израил æмæ Иудæйы æфсад цатырты
куы сты, мæ хицау Йоав æмæ мæ паддзахы
хæстонтæ тыгъд быдыры рæсæнуаты куы
бадынц, уæд æз мæ хæдзармæ куыд бацæуон,
куыд хæрон æмæ куыд нуазон æмæ мæ усы
фарсмæ куыд хуыссон? Сомы кæнын Хуыца-
уæй æмæ дæуæй, æз уый нæ бакæндзынæн».
12 Давид ын загъта: «Уæдæ ам баззай абон,
райсом дæ арвитдзынæн». Æмæ Уриа уы-
цы бон Йерусалимы баззад. Иннæ бон æй
13 Давид йæ фынгмæ фæхуыдта, æмæ Уриа
бахордта æмæ бануæзта йемæ. Давид æй фæ-
расыг кодта, фæлæ та изæрæй Уриа рацыди
æмæ йæ паддзахы дæлдæртимæ бахсæвиуат
кодта, йæ хæдзармæ нæ ацыд.
14 Райсомæй Давид Йоавмæ фыстæг ныф-
фыста æмæ йæм æй Уриайæн арвыста. 15 Фыс-
тæджы фæдзæхста: «Тох карздæр кæм уа, уы-
цы ран сæвæрут Уриайы, æмæ дзы уæхæдæг
уæхи дарддæр айсут, цæмæй фæмард уа».
16 Йоав зыдта, фыдгулы æхсарджындæр
хæстонтæ кæм сты, уый æмæ, сахарыл куы
æрхъула кодта, уæд Уриайы тæккæ уыцы
ран слæууын кодта. 17 Сахары адæм Йоавы
ныхмæ хæцынмæ куы ралæууыдысты, уæд
Давиды хæстонтæй бирæ фæмард, фæмард
ис хеттаг Уриа дæр.
18 Йоав хабаргæнæджы арвыста Давидмæ,
цæмæй йын хæсты æппæт цауты тыххæй
фехъусын кæна. 19 Бафæдзæхста йын: «Пад-
дзахæн-иу хæсты хабæрттæ иууылдæр ра-
дзур. 20 Чи зоны æмæ паддзах рамæсты уа
æмæ дын зæгъа: „Сахармæ бырсын цæмæн
райдыдтат? Нæ йæ зыдтат, сисы сæрæй уæ
цæвдзысты, уый? 21 Иерубаалы фырт Ави-
мелех дæр Тевецы афтæмæй нæ фæмард?
Цыдæр сылгоймаг ыл сисы сæрæй куыройы
фыды къæртт æрæппæрста æмæ йæ амардта!
Сисмæ хæстæг цæмæн бацыдыстут?“ Ды-иу
ын дзуапп ратт: „Дæ цагъар хеттаг Уриа
дæр фæмард“».
22 Æрвыст лæг ацыди Давидмæ, æмæ йын
Йоав цыдæриддæр бафæдзæхста, уыдон
ын радзырдта. 23 Загъта паддзах Давидæн:
«Уыцы адæм ныл тых кæнын райдыдтой,
æмæ мах дæр дæлвæзы ’рдæм фæфæстæмæ
кодтам, фæлæ сæ стæй суанг сахары кулдуа-
ры онг батардтам. 24 Уæд нæ æрдынджынтæ
сисы сæрæй фатæй æхсын райдыдтой, æмæ
паддзахы цагъартæй бирæ фæмард ис. Нал
ис дæ цагъар хеттаг Уриа дæр». 25 Давид æр-
выст лæгæн загъта: «Уæдæ зæгъ Йоавæн: „Цы
’рцыди, уый тыххæй дæхимæ ма ныхъхъус.
Цирхъ, кæй йæ фæнды, уый бабын кæны.
Фæкарздæр кæн дæ тох æмæ уыцы сахар
ныффалгæрон кæн“. Афтæ йын фæфидар
кæн йæ зæрдæ».

26 Уриайы ус фехъуыста, йæ мой кæй фæ-
мард, уый æмæ йыл фæкуыдта. 27 Йæ сау-
дарæн бонтæ куы фесты, уæд æм Давид
арвыста æмæ йæ æрбакодта йæ хæдзармæ.
Сылгоймаг сси йæ бинойнаг æмæ йын ный-
йардта фырт. Фæлæ Давиды ми Дунедарæ-
джы цæсты фыдракæнд уыди.

**12** Дунедарæг Давидмæ барвыста пеху-
ымпар Натаны. Уый йæм бацыд æмæ йын
загъта: «Иу сахары уыди дыууæ лæджы, сæ
иу бонджын, иннæ та мæгуыр. 2 Бонджын
лæгæн йæ лыстæг фос æмæ стурвосæн ны-
мæц нæ уыди, 3 мæгуыр лæгмæ та ницы уыд,
иунæг далыс йеддæмæ. Уæрыккæй йæ бал-
хæдта æмæ йæ афтæмæй схаста — мæгуыр
лæгæн йæ сабитимæ иумæ бахъомыл. Йемæ
иу къæбæр хордта æмæ иу къусæй нуæзта,
фынæй дæр йæ хъæбысы кодта. Раст цыма
йæ чызг у, афтæ йæм зылди.
4 Уæд дын бонджын лæгмæ уазæгуаты иу
бæлццон бафтыд, æмæ фысымы цæст нæ
бауарзта йæ уазæгæн йæхи фыстæй кæнæ
галтæй аргæвдын, фæлæ йын мæгуыр лæ-
джы фысы акусарт кодта».
5 Давиды маст рафыхти уыцы лæгмæ æмæ
Натанæн загъта: «Сомы кæнын Дунедарæгæй,
уыцы ми чи бакодта, уый мæлæты аккаг у!
6 Йæ фысæн та йын хъуамæ цыппар аргъы
бафида, уыцы ми кæй бакодта æмæ йын
кæй нæ фæтæригъæд кодта, уый тыххæй».
7 Натан Давидæн загъта: «Уыцы лæг ды дæ.
Афтæ зæгъы Дунедарæг, Израилы Хуыцау:
„Израилæн дæ паддзахæй Æз байсæрстон.
Фервæзын дæ кодтон Саулы къухæй, 8 дæ
паддзахы хæдзар æмæ дын йæ устыты рад-
тон, Израил æмæ дын Иудæйы дæ бæрны ба-
кодтон. Æмæ дын кæд уый фаг нæ уыди, уæд
ма дын сæм иу ахæм бафтыдтаин. 9 Цæмæн
суæлæхох дæ Дунедарæджы дзырдыл æмæ
Йын æнæуынон цы у, уый цæмæн бакодтай?
Хеттаг Уриайы мæлæтмæ радтай, аммонæгг-
ты къухæй йæ амардтай æмæ йын йæ усы
дæхи бакодтай. 10 Ныр мыггагмæ дæ хæдзар
кардæй нал сæдас уыдзæни, ды Мæныл кæй
суæлæхох дæ æмæ хеттаг Уриайы усы кæй
байстай, уый тыххæй“. 11 Афтæ зæгъы Дуне-
дарæг: „Æз дын афтæ бакæндзынæн, æмæ
дæм бæллæх дæхи хæдзарæй æрбабырсдзæн.

Дæ устыты дын дæ цурæй ракæндзынæн,
искæй фыццаг сæ скæндзынæн, æмæ уый
бон-сихорафон семæ æрæмуат уыдзæни.
12Ды уый сусæгæй бакодтай, Æз та дын уыцы
хъуыддаг æппæт Израилы раз боны рухсмæ
сараздзынæн“».
13«Тæригъæды бацыдтæн Дунедарæджы
раз», — загъта Давид Натанæн. «Дунедарæг
дын æй ныххатыр кодта. Нæ амæлдзынæ.
14Фæлæ Дунедарæджы кæй айрох кодтай,
уый тыххæй дæ ноггуырд фырт амæлдзæн».
15Натан йæ хæдзармæ ацыд, æмæ Дуне-
дарæджы азар, Уриайы ус Давидæн кæй
ныййардта, уыцы сабийы баййæфта. Саби
æррынчын ис. 16Давид сабийы тыххæй Ху-
ыцаумæ куывта, ком дардта, зæххыл хау-
дæй æрвыста йе ’хсæв. 17Йæ хистæр лæггад-
гæнджытæ-иу йæ уæлхъус æрлæууыдысты,
зæххæй йæ сыстын кæнæм, зæгъгæ, фæлæ
сын уый нæ куымдта æмæ семæ комдзаг
дæр нæ кодта. 18Æвдæм бон саби амарди,
фæлæ йæ Давидæн зæгъын йæ дæлдæртæ
нæ уæндыдысты. Дзырдтой: «Саби ма ægac
куы уыд, уæд нæм куы нæ хъуыста, уæд ын
ныр, амарди, зæгъгæ, куыд зæгъæм? Исты
фыдбылыз сараздзæн».
19Йæ дæлдæрты сусу-бусу кæнгæ куы фед-
та, уæд Давид бамбæрста, саби кæй амар-
ди, уый, æмæ сæ бафарста: «Амарди саби?»
Дзуапп ын радтой: «Амарди». 20Уæд Давид
зæххæй сыстади, йæхи цæхсадта, сойæ йæхи
байсæрста, йæ дарæс раивта, Дунедарæджы
хæдзармæ ацыд æмæ зоныгуылæй куывта.
Йæ галуанмæ куы ’рбаздæхти, уæд хæринаг
æрцагуырдта æмæ бахордта.
21Йæ дæлдæртæ йæ бафарстой: «Афтæ
цæмæн кæныс? Саби ма ægac куы уыди, уæд
ком дардтай æмæ куыдтай, куы амарди,
уæд та сыстадтæ æмæ къæбæр бахордтай».
22Давид загъта: «Саби удæгас цалынмæ уыд,
уæдмæ ком дардтон æмæ куыдтон, уымæн
æмæ æнхъæл уыдтæн, кæд мын Дунедарæг
фæтæригъæд кæнид, æмæ саби удæгасæй
баззаид, зæгъгæ. 23Фæлæ ныр амард, æмæ ма
цæй тыххæй дарон ком? Исты ма йæ разда-
хын мæ бон у? Æз æм мæхæдæг ацæудзынæн,
уый мæм нал раздæхдзæн».
24Давид йæ усæн, Вирсавийæн, ныфсытæ
бавæрдта. Бацыди йæм æмæ йемæ æрæмуат
ис. Уый йын ныййардта фырт, æмæ йыл Да-
вид сæвæрдта ном Соломон. Дунедарæгæн
Соломон фæуарзон ис 25æмæ пехуымпар
Натаны барвыста, цæмæй йыл уый, Дуне-
дарæджы фæндонмæ гæсгæ, сæвæра ном
Йедидйа.
26Ныр Йоав та аммонæгты сахар Равва
басæттыныл дарддæр архайдта æмæ пад-
дзахы фидар бацахста. 27Йоав фæдисæттæ
арвыста Давидмæ, цæмæй йын зæгъой: «Æз
хæцыдтæн Раввайы ныхмæ, æмæ уал мæ
къухы сахары дон бафтыди. 28Ныр ды æр-
бамбырд кæн, Израилы ма хæстхъомæй чи
ис, уыдоны, сахарыл æрхъула кæн æмæ йæ
райс, науæд æй æз райсдзынæн, æмæ кад
иууылдæр мæн фæуыдзæн». 29Давид æфсад
æрбамбырд кодта, Раввайы ныхмæ хæцын-
мæ ацыд æмæ йæ бацахста. 30Сæ паддзахы
сæрæй сын, æрмæст йæ сыгъзæрин дæр иу
таланты уæзæн кæмæн уыд, йæ уыцы нал-
хъуыт-налмасæй фæлыст кады худ фелвæста
æмæ йæ йæхи сæрыл æркодта. Сахарæй
тынг бирæ æфтиаг рахаста. 31Адæмæй дзы
чи уыди, уыдоны та ракодта æмæ сæ хыр-
хытæ, æфсæйнаг къахæнтæ æмæ фæрæттæй
кусыныл бафтыдта. Батардта сæ агуыридур
аразынмæ. Афтæ бакодта æппæт аммонаг
сахартæн дæр. Уый фæстæ йе ’фсадимæ Йе-
русалиммæ æрбаздæхт.

**13** Фæстæдæр æрцыди ахæм хабар. Давиды
фырт Авессаломæн уыди хо, тынг рæсугъд
чызг, йæ ном — Тамар, æмæ йæ Давиды æн-
дæр фырт, Амнон, бауарзта. 2Цыма рынчын
у, афтæ удхар кодта Амнон йæ хо Тамары
уарзондзинады азарæй, уымæн æмæ уый
нырма æнæцыд чызг уыди, æмæ йæм куы-
дæй баххæссыдаид, уымæн ницы амал ардта.
3Амнонæн уыд иу хæлар, йæ ном — Йе-
хонадав, Давиды æфсымæр Шимайы фырт,
тынг хинæйдзаг æмæ æрхъуыдыджын лæг.
4Иу хатт Амнонæн афтæ: «Цы кæныс, паддза-
хы фырт, бонæй-бонмæ куы тайыс? Нæ мын
æй схъæр кæндзынæ?» Амнон ын дзуапп
радта: «Ме ’фсымæр Авессаломы хо Тама-
ры бауарзтон».
5Йехонадав ын загъта: «Дæ сынтæджы
æрхуысс æмæ рынчынæфсон скæн. Дæ фыд
дæм бæрæггæнæг куы æрбацæуа, уæд-иу ын
зæгъ: „Мæ хо Тамар мæм æрбацæуæд æмæ
мæм фæкæсæд — мæ разы мын хæринаг
скæнæд æмæ мын йæхи къухæй бахæрын
кæнæд“».
6Амнон йæ сынтæджы æрхуыссыди æмæ
йæхи рынчынæфсон скодта. Паддзах æм
бæрæггæнæг куы æрбацыд, уæд ын Амнон
загъта: «Æрбарвит-ма мæм мæ хойы, Тамары,
æмæ мын ам мæ цуры иу дыууæ лауасийы
афыцæд, æмæ йын йæхи къухæй саходон».

**12:25** Йедидйа дзуттагау амоны «Дунедарæджы уарзон».

7Давид Тамармæ йæ хæдзармæ барвыста,
цæмæй йын зæгъой: «Де 'фсымæр Амнонмæ
бауай æмæ йын хæринаг скæн». 8Тамар ба-
цыди йе 'фсымæр Амноны хæдзармæ æмæ
йæ сынтæджы хуысгæйæ баййæфта. Тамар
ын йæ цæсты раз хыссæ скодта æмæ йын
дзы гуылтæ афыхта. 9Тебæ райста, фынг
æрæвæрдта, фæлæ уый хæрын нæ куымдта.
Амнон загъта: «Ииуылдæр мæ цурæй
ацæуæнт». Æмæ ииуылдæр ацыдысты йæ
цурæй. 10Æмæ уæд Амнон Тамарæн загъта:
«Мидæггаг уатмæ мын бахæсс хæринаг, æмæ
уым дæхи къухæй бахæрдзынæн». Тамар йæ
конд гуылтæ райста æмæ сæ йе 'фсымæр
Амнонæн мидæггаг уатмæ бахаста.
11Куыддæр æм, бахæрын ын кæнон, зæгъгæ,
хæстæг бацыди, афтæ йæм Амнон фæлæ-
бурдта æмæ загъта: «Рацу-ма, мæ хо, цæй,
æмæ мемæ æрхуысс». 12Фæлæ йын уый загъ-
та: «Нæ, ме 'фсымæр, ма мæ фæхудинаг кæн,
Израилы афтæ нæ вæййы. Уыцы æррадзинад
ма бакæн. 13Цы фæуыдзынæн мæ худинаги-
мæ? Дæхи дæр дын фæндырты фæцæгъд-
дзысты Израилы. Уый фæлтау паддзахимæ
баныхас кæн, æмæ дын дæ фæндоныл сразы
уыдзæн, дæуæн мæ ратдзæн».
14Амнон ницæмæ æрдардта Тамары ны-
хæстæ, тыххæй йыл ныххæцыд æмæ йæ
фæхудинаг кодта.
15Уый фæстæ йын Тамар афтæ æнæуынон
фестади, æмæ йе 'нæуынондзинад, йæ уарзт
цы уыди, уымæй фæтыхджындæр ис. Загъта
йын: «Сыст æмæ ацу ардыгæй!» 16Тамар ын
дзуапп радта: «Нæ, ме 'фсымæр! Мæн асурын
дын, фыццаг цы фыдми бакодтай, уымæй
ноджы æвирхъаудæр у».
Фæлæ йæм Амнон нæ байхъуыста.
17Йæ дæлдæрмæ фæдзырдта æмæ йын
загъта: «Федде-ма йæ кæн мæ цурæй æмæ
йын йæ фæдыл дуар ахгæн». 18Тамары уæлæ
уыди, паддзахы æнæцыд чызджытæ-иу кæй
дардтой, ахæм хуызджын дарæс.
Амноны дæлдæр чызджы федде кодта
æмæ йын йæ фæдыл дуар рахгæдта. 19Тамар
йæ сæрыл фæнык байзæрста, йæ хуызджын
дарæс æрыскъуыдтæ кодта æмæ, йæ къух-
тæй йæ сæрыл хæцгæ, хъæрæй дзынæзта,
афтæмæй цыди. 20Йе 'фсымæр Авессалом
загъта: «Де 'фсымæр Амнон дын бакодта
уыцы ми, æмæ фæлтау дæ дзыхыл хæц, мæ
хо. Уый тыххæй маст ма кæн».
Æмæ Тамар, йæхи æмбæхсгæ, царди йе
'фсымæр Авессаломы хæдзары. 21Хабар фе-
хъусгæйæ, паддзах Давид тынг смæсты ис,
фæлæ йæ фырт Амноны зæрдæхудты нæ
бацыди, уымæн æмæ йæ фыццаг зæнæг
уыд æмæ йæ уарзта. 22Авессалом та Амно-
нæн хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр ницы
загъта, уымæн æмæ йын æнæуынон сси,
йæ хо Тамары йын кæй фæхудинаг кодта,
уый тыххæй.
23Дыууæ азы фæстæ Ефремы сахармæ
хæстæг, Баал-Хацоры, Авессаломы фыс-
тæ куы æлвыдтой, уæд Авессалом паддза-
хы фырттæм се 'ппæтмæ дæр фæдзырдта.
24Паддзахмæ дæр бацыди æмæ йын загъта:
«Дæ цагъары фыстæ æлвынынц, æмæ мæ
паддзахæй курын, цæмæй йæ дæлдæрти-
мæ саккаг кæна йæ цагъары бæрæгбонмæ».
25Паддзах ын дзуапп радта: «Нæ, мæ фырт,
не 'ппæтæн цæуæн нæй, æгæр дæ батыхсын
кæндзыстæм». Авессалом æм ныххатыди,
фæлæ уый уæддæр не сразы ис, фæлæ йын
арфæ ракодта.
26Авессалом ма йын загъта: «Уæд та ме
'фсымæр Амнон рацæуæд немæ». Паддзах
æй фæрсы: «Цæй тыххæй хъуамæ ацæуа
демæ?» 27Фæлæ йæм Авессалом ныххаты-
ди, æмæ уæд паддзах йæ иннæ фырттимæ
Амноны дæр ауагъта.
28Авессалом йæ дæлдæртæн бафæдзæхста:
«Уæ хъус æм дарут, æмæ Амнон куыддæр
сæнæй бахъæлдзæг уа, афтæ уын зæгъдзы-
нæн: „Цæвут Амноны“, æмæ-иу æй ама-
рут. Ма тæрсут, æз уын зæгъын афтæ. Уæхи
цæттæ дарут æмæ фæстæмæ ма фæлæуут».
29Авессаломы дæлдæртæ йын йæ ныхас куы
сæххæст кодтой, уæд паддзахы фырттæ
æмхуызонæй сæ хæргæфсытыл абадтысты
æмæ лидзынмæ фесты.
30Фæндагыл ма уыдысты, афтæ Давидмæ
фæхабар чындæуыд, Авессалом паддзахы
фыртты ииуылдæр амардта, иу дæр дзы
удæгасæй нал баззади, зæгъгæ. 31Паддзах
фестади, йæ дарæс арæдывта фæйнæрдæм
æмæ ныддæлгом ис зæххыл. Йæ алыварс
уыдысты йæ дæлдæртæ æмæ уыдон дæр
арæдывтой сæ дарæс. 32Фæлæ Давиды æф-
сымæр Шимайы фырт Йехонадав загъта:
«Мæ паддзах афтæ ма банхъæлæд, æмæ йын
йе 'ппæт фыртты амардæуыд. Æрмæстдæр
Амнон амард. Авессаломмæ йæ амарыны
фæнд, йæ хо Тамары йын куы фæхудинаг
кодта, уæд фæзынди. 33Уæдæ мæ бардарæг,
мæ паддзах йæхи ма хæрæд æмæ афтæ ма
æнхъæлæд, цыма йæ фырттæ се 'ппæт дæр
амардысты. Амнон амард æрмæст». 34Авес-
салом алыгъди.
Хъалагъуур лæппу йæ цæст дардта æмæ,
хохы фахсыл цы фæндаг уыди, уым дзæвгар

адæм æрбацæйцæугæ федта. Лæппу пад-
дзахмæ бацыди æмæ йын æй фехъусын код-
та. 35Йехонадав паддзахæн загъта: «Уый пад-
дзахы фырттæ æрбацæуынц. Дæ цагъар дын
куыд дзырдта, афтæ у хъуыддаг». 36Уый йæ
ныхас куыд фæци, афтæ паддзахы фырттæ,
хъæлæсыдзагæй богъ-богъгæнгæ, къæсæрыл
æрбалæууыдысты. Паддзах йæхæдæг дæр,
стæй йæ дæлдæртæ дæр ныккуыдтой.
37Авессалом та алыгъд æмæ бацыди Ам-
миуды фырт Талмаймæ, Гешуры паддзахмæ.
Давид ма бирæ фæхъыг кодта йæ фыртыл.
38Авессалом Гешурмæ куы алыгъд, уæдæй
æртæ азы куы рацыд, 39уæд паддзах Давид
нал хъынцъым кодта Амноны мардыл, йæ
маст æрсабыр ис æмæ йæм Авессаломы баф-
хæрыны фæнд нал уыд.

**14** Церуайы фырт Йоав бафиппайдта, пад-
дзахы зæрдæ Авессаломмæ кæй фæфæлмæн
ис, уый. 2Текоамæ арвыста æмæ уырдыгæй
иу зонынджын сылгоймаджы æрбахуыдта.
Загъта йын: «Дæхи скæуæг кæн. Дæ уæлæ
саутæ скæн, дæхимæ ма базил, раст цыма,
йæ мардыл рагæй чи хъыг кæны, ахæм сыл-
гоймаг дæ, уый хуызæн. 3Бацу паддзахмæ
æмæ йын афтæ æмæ афтæ зæгъ». Йоав ын
бацамыдта, цы йын зæгъгæ у, уый.
4Текоайаг сылгоймаг паддзахмæ бацыди
æмæ йæ разы зæххыл ныддæлгом ис. Загъ-
та: «Паддзах, баххуыс кæн!» 5Паддзах æй
фæрсы: «Цы дæ хъæуы?» Уый йын дзуапп
радта: «Идæдз сылгоймаг дæн, мæ мой амар-
ди. 6Дæ цагъарæн ма дыууæ фырты уыди;
быдыры фæхыл сты, æмæ сæ иргъæвæг нæ
фæци, афтæмæй дзы иу иннæйы ныццавта
æмæ йæ амардта. 7Ныр мæ хионтæ дæр мæ
ныхмæ рацыдысты æмæ мын зæгъынц: „Йе
'фсымæры чи амардта, уый нын нæ къухмæ
ратт, æмæ дзы, кæй бабын кодта, уый туг
райсæм; кæд бындар у, уæддæр æй амарæм“.
Мæ къонайы ма цы зынг баззади, уый бын-
тондæр ахуыссын кæндзысты, мæ мойæн йæ
ном куыд фесæфа æмæ йын зæххы цъарыл
куыд ничиуал баззайа, афтæ». 8Паддзах
сылгоймагæн загъта: «Цу дæ хæдзармæ, æз
бафæдзæхсдзынæн дæу тыххæй».
9Текоайаг сылгоймаг паддзахæн загъта:
«Мæ хицау æмæ мæ паддзах, фæстиуджыты
тыххæй дзуапдæттæг æз æмæ мæ бинон-
тæ уыдзыстæм, паддзах æмæ йæ бадæн та
æназым сты». 10Паддзах загъта: «Дæ ныхмæ
дзурæджы-иу мæнмæ æрбакæн, æмæ дæ
нал бахъыгдардзæн». 11Сылгоймаг загъта:
«Паддзах ард бахæрæд Дунедарæджы, йæ
Хуыцауы раз, тугисджытæ ноджы стырдæр
бæллæх кæй нæ сараздзысты, мæ фырты
мын кæй нæ амардзысты, уый тыххæй».
Паддзах ын дзуапп радта: «Дунедарæгæй
дын ард хæрын, дæ фырты сæрæй иу æрду
дæр не 'рхаудзæн».
12Сылгоймаг загъта: «Дæ хорзæхæй, мæ
бардарæг, мæ паддзах, дæ цагъарæн-ма иу
ныхасы бар ратт». «Дзур», — загъта йын уый.
13Сылгоймаг загъта: «Дæхæдæг Хуыцауы
адæмы ныхмæ цæмæн архайыс? Паддзах йæ
уынаффæйæ йæхи азымджын кæны, уымæн
æмæ йæхæдæг, кæй атардта, уыцы фырты
фæстæмæ не 'рбаздæхта. 14Мæлæтæй нын
алидзæн нæй. Зæхмæ цы дон æркæлы, уы-
мæн фæстæмæ сисæн нал ис. Хуыцауы ис-
кæй уд фесафын нæ фæнды, хъодыгондыл
дæр Йæхи куыннæ атигъ кæна, ууыл мæт
кæны. 15Æз та, адæм мæ кæй стæрсын код-
той, уымæ гæсгæ æрбацыдтæн, цæмæй мæ
бардарæгæн, мæ паддзахæн ацы ныхæстæ
ракæнон. Мæхинымæры дзырдтон: зæгъон
паддзахæн, чи зоны, æмæ сæххæст кæна
йæ цагъары курдиат. 16Паддзах æнæмæнг
байхъусдзæн, æмæ йæ цагъары фервæзын
кæндзæни, мæн æмæ мæ лæппуйы ама-
рынмæ æмæ нæ, Хуыцауæй нын лæвæрд цы
у, уымæй æнæхай фæкæнынмæ чи хъавы,
уыцы адæмы къухæй. 17Дæ цагъар йæхицæн
хъуыдытæ кодта: „Ныфсы хос мын фестæд
мæ бардарæджы, мæ паддзахы ныхас, уы-
мæн æмæ мæ бардарæг, паддзах, Хуыцауы
зæды хуызæн у — равзардзæни æвзæр дæр
æмæ хорз дæр“. Демæ уæд кæддæриддæр
Дунедарæг, дæ Хуыцау».
18Паддзах ын дзуапп радта: «Цæмæй дæ
бафæрсон, уый мæ ма басусæг кæн». Сылгой-
маг загъта: «Дзур, мæ бардарæг, мæ паддзах».
19Паддзах æй бафарста: «Йоав ницы бар дары
æппæт адæттæм?» Сылгоймаг ын дзуапп
радта: «Мæ бардарæг æмæ мæ паддзах цæра,
цыдæриддæр зæгъай, уымæй нæдæр рахиз-
мæ, нæдæр галиумæ ис аздæхæн. Æцæгдæр
мын дæ дæлдæр Йоав бафæдзæхста афтæ
бакæнын, æппæт ацы ныхæстæ уый баца-
мыдта дæ цагъарæн, 20цæмæй Авессаломы
хъуыддаг ахæм æмбисонды хуызы æвдыст
æрцæуа. Фæлæ мæ паддзах Хуыцауы зæдау
куырыхон у æмæ зоны, зæххыл цыдæрид-
дæр цæуы, уый».
21Уæд паддзах Йоавæн загъта: «Дæ фæн-
дон дын æххæст кæнын. Ацу æмæ фæстæ-
мæ æрбакæн уыцы лæппуйы, Авессаломы».
22Йоав æрхауди зæххыл, ныддæлгом ис æмæ
паддзахæн раарфæ кодта: «Ныр дæ цагъар

зоны, мæ бардарæг, мæ паддзах, хорз цæс-
тæй мæм кæй ракастæ, уый, уымæн æмæ
паддзах сæххæст кодта йæ цагъары фæндон».
23Йоав ацыд Гешурмæ æмæ Авессаломы Йе-
русалиммæ æрбахуыдта. 24Фæлæ паддзах
загъта: «Йæ хæдзармæ цæуæд, йæхи мын
ма фенын кæнæд». Афтæмæй Авессалом йæ
хæдзармæ æрбаздæхти, фæлæ йын паддзахы
размæ фæндаг нæ уыд.
25Авессаломы хуызæн рæсугъд нæлгоймаг,
сæрæй къæхтæм — æнаипп, æгас Израилы
дæр нæ уыд. 26Йæ сæры хил-иу куы адаста —
дасгæ та йæ кодта алы аз дæр, уымæн æмæ
йыл уæз кодта, — уæд-иу паддзахы шекел-
тæй дыууæсæдæйы уæз æрласта. 27Авессало-
мæн рантысти æртæ фырты æмæ иунæг чызг,
бакастæй тынг рæсугъд, йæ ном — Тамар.
28Авессалом Йерусалимы фæци дыууæ азы,
фæлæ нырма паддзахы нæ федта. 29Иуахæ-
мы Йоавмæ арвыста, паддзахмæ йæ бами-
нæвар кæнон, зæгъгæ, фæлæ йæм Йоав не
’рбацыд. Арвыста йæм дыккаг хатт, фæлæ та
йæм уæд дæр нæ фæзынд. 30Уæд Авессалом
йæ дæлдæртæн загъта: «Уартæ мæ хуымы
фарсмæ — Йоавы хъæбæрхоры хуым. Цæу-
гæут æмæ йыл зынг бафтаут». Авессаломы
дæлдæртæ уыцы хуымыл зынг бафтыдтой.
31Йоав Авессаломы хæдзармæ бацыди
æмæ йæ фæрсы: «Дæ дæлдæртæ мын мæ
хуым цæмæн басыгътой?» 32Авессалом ын
загъта: «Æз дæм æрвыстон, цæмæй мæм
æрбацæуай æмæ дæ паддзахмæ барвитон
æмæ йын мæ номæй зæгъай: „Цæмæн, зæгъ,
æрбаздæхтæн æз Гешурæй? Фæлтау уым
куы баззадаин! Паддзахы куы фенин, уый
мæ фæнды. Кæд мæм исты азым ис, уæд
мæ амарæд“».
33Йоав паддзахмæ бацыд æмæ йын йæ
ныхæстæ куы рафæзмыдта, уæд паддзах
Авессаломмæ фæсидти. Уый æрбацыд æмæ
паддзахы раз зæххыл ныддæлгом ис. Пад-
дзах Авессаломæн аба кодта.

**15** Фæстæдæр Авессалом йæхицæн самал
кодта тохуæрдон æмæ бæхтæ, стæй дæс
æмæ дыууиссæдз хъахъхъæнæджы. 2Сæу-
мæраджы-иу фестад, сахары кулдуармæ
фæндаджы раз-иу æрлæууыд æмæ, пад-
дзахмæ йæ хъуыддаг равзарыны тыххæй
чидæриддæр цыди, уыдонмæ-иу фæдзырдта
æмæ сæ фарста: «Кæцы сахарæй дæ?» Уый-иу,
Израилы уыцы хæдзарвæндагæй у дæ ца-
гъар, зæгъгæ, дзуапп куы радта, 3уæд-иу ын
Авессалом загъта: «Дæ хъуыддаг раст бæргæ
у, фæлæ паддзахмæ, чи дæм байхъуса, ахæм
лæг нæй». 4Авессалом-иу ын ноджы бафтыд-
та йæ ныхасыл: «Тæхуды, ацы бæстæн мæ
тæрхоны лæгæй куы сæвæриккой, уæд æз
алкæмæн дæр йæ хъуыддаг раст æвзарин!»
5Исчи-иу æм, ныллæг ын акувон, зæгъгæ,
куы бацыд, уæд-иу ын уый февнæлдта йæ
къухмæ æмæ-иу ын аба кодта. 6Афтæ кодта
Авессалом, израилæгтæй паддзахмæ йæ
хъуыддаг равзарыны тыххæй чи цыди, уы-
донæй алкæмæн дæр æмæ адæмы йæхиуыл
æрæууæндын кодта.

7Цыппар азы фæстæ Авессалом паддза-
хæн загъта: «Хевронмæ ацæуын мæ фæнды,
Дунедарæджы раз цы сомы ракодтон, уый
сæххæст кæнынмæ. 8Гешуры зæххыл, ара-
мейæгтæм цæргæйæ, дæ цагъар расомы
кодта, æцæгдæр мæ фæстæмæ Йерусали-
мыл куы сæмбæлын кæна Дунедарæг, уæд
Æм Хевроны кæй скувдзынæн». 9Паддзах
ын загъта: «Цу фарнимæ». Æмæ Авессалом
араст ис Хевронмæ.
10Израилы æппæт хæдзарвæндæгтæм дæр
Авессалом сусæгæй минæвærттæ арвыста.
Бафæдзæхста сын: «Куыддæр сыкъауадын-
дзы уасын фехъусат, афтæ-иу ныхъхъæр
кæнут: „Авессалом спаддзах ис Хевроны“».
11Авессалом Йерусалимæй дыууæсæдæ
лæджы йемæ рахуыдта. Уыдон хъуыддагæн
æппындæр ницы зыдтой æмæ ницæуыл
гуырысхо кодтой, афтæмæй рацыдысты.
12Авессалом нывæндтæ куы хаста, уæд ар-
выста Давиды уынаффæйы лæгмæ, гилойаг
Ахитофелмæ, æмæ йæ æрбахуыдта йæ сахар
Гилойæ. Сусæгвæнд йæ тыхы цыди, Авесса-
ломы алыварс фылдæрæй-фылдæр адæм
æмбырд кодта.
13Давидмæ хабархæссæг фæци æмæ йын
загъта: «Израилæгтæ Авессаломы фарс
фесты». 14Уæд Давид, йемæ Йерусалимы
чи уыди, уыцы дæлдæртæн загъта: «Цомут
алидзæм. Æндæр хос нын нæй Авессало-
мæй аирвæзынæн. Фæтагъд кæнут, цæмæй
нæ ма æрбайййафа æмæ нын мацы фыдбы-
лыз сараза, карды комыл ма бафтауа сахар».
15Паддзахæн йæ дæлдæртæ дзуапп радтой:
«Нæ хицау æмæ нæ паддзах куыддæриддæр
зæгъа, мах афтæ бакæндзыстæм».
16Паддзах йæ хæдзаронтимæ рацыди саха-
рæй, æрмæст йæ дæс номылусы хæдзаргæс
ныууагъта.
17Паддзах йæ адæмимæ цыди фистæгæй
æмæ Бет-Мерхакы бонасадæн æркодтой.
18Йæ адæм æмхуызонæй, се ’хсæн — керетæг-
тæ æмæ пелетæгтæ, цыдысты йæ фарсмæ;

Гатæй йемæ цы æхсæзсæдæ гатаджы рацыди,
уыдон та иуулдæр цыдысты йæ разæй.
[19]Паддзах гатаг Итайы бафарста: «Ды та
махимæ цæмæн цæуыс? Аздæх æмæ ног
паддзахимæ баззай, уымæн æмæ ды æн-
дæрбæстаг дæ, дæ фыдыбæстæй ардæм æр-
бафтыдтæ. [20]Нырма знон æрбацыдтæ, æмæ
дæ абон æз дæ бынатæй куыд фæхауæггаг
кæнон? Кæдæм цæуын, уый æз мæхæдæг
дæр куы нæ зонын. Аздæх фæстæмæ æмæ
дæ хиуæтты дæр демæ акæн. Дунедарæджы
хорзæх дæ уæд æмæ Йæ фæдзæхст у!»
[21]Итай дзуапп радта паддзахæн: «Сомы
кæнын Дунедарæгæй, ард хæрын мæ хицау
æмæ мæ паддзахæй, мæлæтæй царды 'хсæн
кæмдæриддæр уай, уым дæ цагъар дæр уы-
дзæни демæ». [22]«Уæдæ рацу», — загъта Давид
Итайæн. Æмæ гатаг Итай йемæ рацыди йæ
адæмимæ, сæ бинонтæ дæр семæ, афтæмæй.
[23]Æгас бæстæ хъæлæсыдзагæй куыдта,
паддзахы адæм куы фæцæйцыдысты, уæд.
Паддзах лæууыди Кедроны тæрфы, йе 'ппæт
æфсад йæ рæзты æдзæрæг быдырмæ фæн-
дагыл куы ивгъуыдтой, уæд. [24]Уым лæууы-
ди Цадок дæр, йемæ — Хуыцауы Фидыды
Чырын хæссæг левиттæ. Фидыды Чырын
æрæвæрдтой, æмæ, цалынмæ Давидимæ
сахарæй чи рацыди, уыцы адæм Кедроны
фаллаг фарсмæ хызтысты, уæдмæ Авиафар
иуулсудзинаг нывæндтæ хаста.
[25]Паддзах Цадокæн загъта: «Хуыцауы Фи-
дыды Чырын фæстæмæ сахармæ ахæсс. Йæ
хорзæхы аккаг мæ куы скæна Дунедарæг,
уæд мæ фæстæмæ раздахдзæн æмæ мын
фенын кæндзæн Фидыды Чырын дæр æмæ,
Чырын кæм лæууы, уыцы бынат дæр. [26]Нæ
дыл аудын, зæгъгæ, куы зæгъа, уæд дæр
мæнæ дæн: растдæр Æм куыд кæсы, афтæ
мын бакæнæд».
[27]Паддзах ма сауджын Цадокæн ноджыдæр
загъта: «Хъусыс, фарнимæ аздæх сахармæ
Авиафаримæ, дæ фырт Ахимаац æмæ Ави-
афары фырт Йонатан дæр уемæ, афтæмæй.
[28]Æз лæудзынæн æдзæрæг быдыры, Иорданы
фаллаг фарсмæ бахизæн кæм ис, уый цур
æмæ уæм хабармæ æнхъæлмæ кæсдзынæн».
[29]Цадок æмæ Авиафар Хуыцауы Фиды-
ды Чырын фæстæмæ Йерусалиммæ ахас-
той æмæ уым баззадысты. [30]Давид йæ сæр
æрæмбæрзта, афтæмæй бæгъæввадæй æмæ
кæугæйæ цыди Елеоны хохмæ. Йæ адæм
дæр сæ сæртæ æрæмбæрзтой æмæ кæугæйæ
цыдысты йемæ.
[31]Давидмæ фæхабар чындæуыд:
«Ахитофел дæр Авессаломимæ ис,
сусæгвæндгæнджыты къорды». Давид загъ-
та: «О Дунедарæг! Ахитофелы уынаффæ
фехал».
[32]Давид схæццæ ис хохы сæрмæ, Хуыцау-
мæ кæм фæкувынц, уырдæм, æмæ уым йæ
размæ фæци йæ лымæн, аркаг Хушай, йæ да-
рæс — пырх, йæ сæр рыгæй нал зынди, афтæ-
мæй. [33]Давид ын загъта: «Мемæ куы рацæуай,
уæд мын фыдæбоны хос уыдзынæ, [34]фæлæ
сахармæ куы аздæхай æмæ Авессаломæн
афтæ куы зæгъай: „Паддзах, æз дæ цагъар
дæн; ныронг дæ фыды цагъар уыдтæн, ныр
та дæ цагъар уыдзынæн", уæд мын стыр æх-
хуыс фæуыдзынæ Ахитофелы уынаффæтæ
фехалынмæ. [35]Уым демæ уыдзысты сау-
джынтæ Цадок æмæ Авиафар, æмæ-иу сæм,
паддзахы галуаны цыдæриддæр фехъусай,
уый фæхабар кæн. [36]Сæ фæйнæ фырты дæр
уым семæ сты: Цадокы фырт Ахимаац æмæ
Авиафары фырт Йонатан. Уыдонæн мæм
æрвитут, цыдæриддæр хъусат, уый».
[37]Æмæ Давиды лымæн Хушай сахармæ
æрбаздæхт. Уыцы рæстæг Авессалом дæр
Йерусалимы кулдуарæй бахызт.

**16** Давид хохы сæрæй иу чысыл æруад,
афтæ æдуаргъ дыууæ хæрæгимæ йæ размæ
фæци Мефивошеты фæсдзæуин Цива. Хæр-
джыты уаргъ — дыууæсæдæ дзулы, чисмисы
сæдæ халы, легъуиты сæдæ халы æмæ сæны
лалым. [2]Паддзах Цивайы фæрсы: «Адон
дæ цæмæн хъæуынц?» Цива дзуапп радта:
«Хæрджытæ — цæмæй сыл паддзахы хæ-
дзаронтæ цæуой, дзул æмæ дыргътæ — дæ
дæлдæртæн хойрагæн, сæн та — æдзæрæг
быдыры чи бастайа, уыдонæн нуазынæн».
[3]Паддзах та йæ бафарста: «Æмæ дæ хица-
уы фырт кæм ис?» Цива йын дзуапп радта:
«Уый Йерусалимы баззад — афтæ æнхъæ-
лы, æмæ йын израилæгтæ ныр йæ фыды
паддзахад фæстæмæ ратдзысты». [4]Паддзах
Цивайæн загъта: «Уæдæ Мефивошеты мулк
иуулдæр дæу фæуæд». Цива йын дзуапп
радта: «Ныллæг дын кувын. Дæ хорзæх мæ
уæд, мæ бардарæг, паддзах!»
[5]Паддзах Давид Бахуримы сахармæ куыд-
дæр бахæццæ, афтæ уырдыгæй рацыд иу лæг
Саулы мыггагæй, йæ ном — Шими, Герайы
фырт. Цæугæ-цæуын æлгъыста, [6]Давид æмæ
паддзахы дæлдæртыл дуртæ æхста, кæд
паддзах Давидæн йæ адæм æмæ йæ гуып-
пырсартæ йæ фæйнæфарс цыдысты, уæддæр.
[7]Шими афтæ æлгъыста паддзахы: «Фесæф
мæ разæй, лæгмар, æнаккаг! [8]Кæй паддза-
хы бадæн байстай, уыцы Саулы хæдзары

туг дæ исы Дунедарæг. Дæ паддзахад дæр
дын дæ фырт Авессаломæн радта. Ды фыд-
былызы бахаудтæ, уымæн æмæ дæ къухтæ
тугæйдзаг сты».
9Церуайы фырт Авишай паддзахæн загъта:
«Ацы хæдмæл куыдз мын мæ хицауы, пад-
дзахы, цæмæн æлгъиты? Ныртæккæ йын
йæ сæр атæхын кæндзынæн!» 10Паддзах
загъта: «Цы уæ фæнды, Церуайы фырттæ!
Уымæн мæ æлгъиты, æмæ йын Дунедарæг
афтæ загъта. Уæд ын кæй бон у, афтæ цæмæн
кæныс, зæгъгæ, бауайдзæф кæнын?»
11Ноджы ма Давид загъта Авишай æмæ йæ
иннæ дæлдæртæн: «Мæхи фырт мæ марын-
вæнд куы кæны, уæд ма Бениамины мыгга-
гæй та цы бадомон? Ныууадзут æй. Уадз æмæ
æлгъита, уымæн æмæ йын Дунедарæгæй
афтæ фæдзæхст у. 12Кæд Дунедарæг æркæ-
сид, къæхты бын мæ куыд кæнынц, уымæ,
æмæ мын абоны æлгъыст хорзæн фæкæнид».
13Давид йæ адæмимæ фæндагыл цыдысты,
Шими та — хохы фахсыл. Давиды æлгъыс-
та, дуртæ æмæ йыл сыджыты къуыбæрттæ
æхста. 14Паддзах æмæ йæ адæм фæлладæй
бахæццæ сты Иорданы былгæронмæ æмæ
æрулæфынмæ уым æрлæууыдысты.
15Ныр Авессалом та æппæт израилæгтимæ
бацыд Йерусалиммæ. Ахитофел дæр уыди
йемæ. 16Аркаг Хушай, Давиды лымæн, Авес-
саломмæ бацыд æмæ йын загъта: «Æгас цæ-
уæд паддзах! Æгас цæуæд паддзах!» 17Авес-
салом Хушайæн зæгъы: «Афтæ æнувыд дзы
куынæ уай дæ лымæныл! Цæуылнæ ацыдтæ
йемæ?» 18Хушай йын дзуапп радта: «Нæ! Ду-
недарæг, стæй мæнæ ацы адæм æмæ æппæт
Израил кæй равзæрстой, уый цагъар дæн
æз дæр æмæ йемæ баззайдзынæн. 19Стæй
Давиды фыртæй хуыздæр кæмæн хъуамæ
балæггад кæнон? Дæ фыдæн цы лæггад код-
тон, уыцы лæггад кæндзынæн дæуæн дæр».
20Авессалом Ахитофелæн бафæдзæхста:
«Цæй æмæ бауынаффæ кæнæм, дарддæр
нын цы гæнгæ у, уый тыххæй». 21Ахитофел
ын загъта: «Æрæмуат у дæ фыды номылусты-
тимæ, хæдзаргæс кæй ныууагъта, уыдонимæ.
Æппæт Израил фехъусдзæни, дæ фыдæн
мыггагмæ дæр кæй фенæуынон дæ, уый,
æмæ демæ чидæриддæр ис, уыдон æнгом-
дæр æрбалæудзысты дæ фарсмæ».
22Авессаломæн уæлхæдзар цатыр айтыгъ-
той, æмæ уый æгас Израилы раз æмуат æр-
цыди йæ фыды номылустытимæ.
23Ахитофелы уынаффæтæ уыцы заман
нымад уыдысты, цыма исчи зондамынд
Хуыцауæй куырдта, уыйау. Ахæм кад ын
кодтой йæ алы уынаффæйæн Давид дæр
æмæ Авессалом дæр.

**17** Ахитофел загъта Авессаломæн: «Цæй
æмæ дыууадæс мин лæджы равзарон æмæ
ахсæв Давиды фæдыл афæдис кæнон. 2Ныр
фæллад, зæрдæсаст уыдзæн, æмæ йыл æз
мæхи ныццæвдзынæн. Фæтæрсын æй кæн-
дзынæн, йæ адæм лидзæг фæуыдзысты, пад-
дзах иунæгæй аззайдзæн æмæ йæ амардзы-
нæн. 3Æппæт адæм та раздæхдзысты дæумæ,
æрыгон чындз йæ моймæ куыд æрбаздæхы,
уыйау. Дæу æрмæстдæр, кæй фæдыл зилыс,
уыцы иунæг лæджы амарын хъæуы, æппæт
адæм та сæрæгасæй баззайдзысты».
4Уыцы ныхас сæ зæрдæмæ фæцыд Авес-
саломæн æмæ Израилы хистæртæн. 5Фæлæ
Авессалом загъта: «Фæдзурут-ма аркаг Ху-
шаймæ дæр. Байхъусæм, кæддæра уый та
цы зæгъдзæн».
6Хушай æрбацыд Авессаломмæ, æмæ йæ
Авессалом бафарста: «Афтæ æмæ афтæ загъта
Ахитофел. Йæ уынаффæмæ йын байхъусæм?
Ды та цы зæгъдзынæ?» 7Хушай йын дзуапп
радта: «Ацы хатт хорз нæу Ахитофелы уы-
наффæ». 8Загъта ма: «Ды зоныс дæ фыд æмæ
йæ адæмæн се 'хсар, зоныс, йæ лæппын-
тæ кæмæн байстой, уыцы мадæл арсау ныр
агъуыд кæй уыдзысты, уый дæр. Уыимæ дæ
фыд, фæлтæрдджын хæстон, дзыллæимæ иу
ран нæ бахсæвиуат кæндзæн. 9Ныридæгæн
дæр йæхи æмбæхсдзæн исты цъассы кæнæ та
æндæр ран. Æмæ тæккæ райдианы иу къорд
лæджы фæмард ис, зæгъгæ, уый чи фехъуса,
уыдон дзурдзысты: „Авессаломы фæдыл цы
адæм рацыд, уыдон фæцагъды сты“. 10Уæд
суанг фидарзæрдæ хъæбатыртæ дæр фæуда-
ист уыдзысты, уымæн æмæ æппæт Израилæн
дæр зындгонд сты дæ фыды æхсар æмæ йæ
адæмы хъæбатырдзинад. 11Гъемæ дын мæнæ
мæ уынаффæ: æрбамбырд дæм уæнт æппæт
Израил, Данæй Беер-Шевæйы онг чидæрид-
дæр ис, уыдон, денджызы былгæрон змисау
æнæнымæц куыд уой, афтæ, æмæ-иу дæхæ-
дæг дæр семæ рацу. 12Уæд баййафдзыстæм
Давиды, кæмфæнды куы уа, уæд дæр, зæххыл
æртæх æрхауæгау ыл ныххуырсдзыстæм нæ-
хи, æмæ нын йæхæдæг дæр, йæ адæм дæр нал
аирвæздзысты. 13Исты сахармæ куы баздæха
Давид, уæд та æппæт Израил бæндæнтимæ
бацæудзысты, æмæ уыцы сахар дæлвæзмæ
хæр-хæрæй æрласдзыстæм, уирагдур дæр
дзы куыннæуал баззайа, афтæ».
14Уæд Авессалом æмæ израилæгтæ æмху-
ызонæй загътой: «Аркаг Хушайы уынаффæ

Ахитофелы уынаффæйæ хуыздæр у». Ду-
недарæг афтæ бакодта, цæмæй Ахитофелы
хорз уынаффæйы фæдыл ма ацæуой, æмæ
Авессалом бæллæхы бахауа.
15Хушай загъта сауджынтæ Цадок æмæ
Авиафарæн: «Ахитофел афтæ æмæ афтæ
уынаффæ кодта Авессаломæн æмæ Израилы
хистæртæн, æз та сын афтæ æмæ афтæ бауы-
наффæ кодтон. 16Ныр æвæстиатæй Давидæн
фехъусын кæнут: „Ахсæв æдзæрæг быдыры,
Иорданы тæрфы, ма баззай, фæлæ æнæмæнг
доны фаллаг фарсмæ ахиз, науæд паддзах
æмæ йæ адæм бабын уыдзысты“».
17Йонатан æмæ Ахимаац лæууыдысты
Ен-Рогелы доны цур. (Сахары сын сæхи
равдисæн нæ уыд.) Æнхъæлмæ кастысты
сæ хабархæссæг унæутмæ, цæмæй йын йæ
ныхæстæ Давидыл сæмбæлын кæной. 18Ныр
сæ иу лæппу бафиппайдта æмæ хабар Авес-
саломæн радзырдта. Уæдмæ уыдон уырды-
гæй атындзыдтой æмæ Бахуримы сахары
иу лæджы хæдзармæ бахæццæ сты. Кæрты
уыди цъай, æмæ уым бамбæхстысты. 19Фы-
сымты ус цъайы сæрыл æмбæрзæн айтыгъта
æмæ йыл хуртуан ныккодта, цæмæй мацы
фæбæрæг уыдаид.
20Авессаломы дæлдæртæ сылгоймагмæ
бацыдысты æмæ йæ фарстой: «Кæм сты
Ахимаац æмæ Йонатан?» Уый сын загъта:
«Доны сæрты ахызтысты». Авессаломы дæл-
дæртæ рацагур-бацагур фæкодтой, фæлæ
ницы ссардтой æмæ фæстæмæ аздæхтысты
Йерусалиммæ.
21Авессаломы дæлдæртæ куыддæр ацы-
дысты, афтæ Йонатан æмæ Ахимаац цъайæ
схызтысты æмæ паддзах Давидмæ фæхабар
кодтой: «Æвæстиатæй бахизут доны фаллаг
фарсмæ, уымæн æмæ сымах тыххæй афтæ
æмæ афтæ уынаффæ кодта Ахитофел». 22Да-
вид йæ адæмимæ Иорданы фаллаг фарсмæ
бахызти. Боныцъæхтæм сæ иу дæр ацырды-
гæй нал аззад.
23Ахитофел куы федта, йæ уынаффæйыл
ын нæ баввæрсыдысты, уый, уæд хæрæгыл
саргъ сæвæрдта æмæ сæхимæ, йæ райгуы-
рæн сахармæ, фæраст ис. Йæ хæдзаронтæн
ныстуан ныуувагъта æмæ йæхи æрцауыгъ-
та. Йæ мард ын йæ фыдæлты зæппадзы
бавæрдтой.
24Давид бахæццæ ис Маханаиммæ. Авес-
салом дæр, израилæгтæй йемæ чи уыд, уы-
донимæ бахызт Иорданы фаллаг фарсмæ.
25Æфсады сæргъы Авессалом Йоавы бæсты
Амасайы сæвæрдта. Амаса уыдис Измаелы
байзæддаг Итрайы фырт, йæ мад — Нахашы
чызг Авигеа, Йоавы мад Церуайы хо. 26Авес-
салом æмæ израилæгтæ асадæны æрлæууы-
дысты Галаады зæххыл.
27Давид Маханаиммæ куы бацыд, уæд На-
хашы фырт Шови, аммонаг Раввайы сахайраг,
Аммиелы фырт Махир, Ло-Девары сахайраг,
æмæ галаадаг Барзиллай, Рогелимы сахай-
раг, 28Давид æмæ йæ адæмæн æрбаластой
хуыссæнгæрзтæ, къустæ, дурын мигæнæнтæ,
стæй мæнæу, хъæбæрхор, ссад, цæкуытæ,
хъæдур, тъæпæн хъæдур, 29мыд, нæлхæ,
цыхт. Афтæ дзырдтой: «Адæм æдзæрæг бы-
дыры стонг, дойны æмæ фæллад уыдзысты».

**18** Давид, йемæ чи уыди, уыцы адæмы ба-
нымадта æмæ сын сæ сæргъы сæвæрдта ми-
ныхицæуттæ æмæ сæдæйыхицæуттæ. 2Уый
фæстæ сæ æртæ къордыл фæдих кодта æмæ
дзы иу къорд радта Йоавы къухмæ, иннæ —
Церуайы фырт, Йоавы æфсымæр Авишайы
къухмæ, æртыккаг та — гатаг Итайы къухмæ.
Паддзах йæ адæмæн загъта: «Мæхицæн
дæр уемæ æнæ цæугæ нæй». 3Фæлæ йын
уыдон дзуапп радтой: «Ма рацу! Мах куы
алидзæм, уæд уый нымады дæр никæмæ уы-
дзæн, не ’мбис куы амæла, уæд дæр афтæ; ды
та, махæй дæс мины цы у, дæхæдæг иунæгæй
уый дæ, æмæ нын бахъуаджы сахат сахарæй
куы баххуыс кæнис, уæд нын уый хуыздæр
уаид». 4Паддзах сын загъта: «Хорз, сымах
куыд фæнды, афтæ бакæндзынæн уæдæ».
Сахары кулдуары цур лæууыди, цалынмæ
йæ адæм, сæдæгæйттæ æмæ мингæйттæй
æрлæугæйæ, рæнхъытæй æддæмæ цыдыс-
ты, уæдмæ. 5Паддзах ныффæдзæхста Йоав,
Авишай æмæ Итайæн: «Уыцы лæппуйæн мын,
Авессаломæн, мацы кæнут». Паддзах хи-
цæуттæн Авессаломы тыххæй куы фæдзæхс-
та, уæд æй иннæ адæм дæр фехъуыстой.
6Давиды æфсад израилæгты ныхмæ фæс-
сахармæ рацыди, æмæ Ефремы хъæды схæ-
цыдысты. 7Паддзахы хæстонтæ израилæгты
ныддæрæн кодтой. Бирæ туг ныккалди уыцы
бон — ссæдз мин лæджы сæ мæлæт ссардтой.
8Хæст анхъæвзта æппæт бæстыл дæр, æмæ
уыцы бон, цирхъæй цас адæм ныццагъды ис,
умæй фылдæр адæм та хъæды бабын ис.
9Авессаломæн Давиды адæм æнæнхъæлæ-
джы йæ размæ фесты. Йæ хæргæфсыл егъау
теревинфы бынты куыд фæцæйуад, афтæ
йын къалиутæ йæ сæрыхъуынтæ ацахстой.
Хæргæфс йæ бынæй алыгъд, æмæ Авесса-
лом арв æмæ зæххы ’хсæн ауыгъдæй аззади.
10Чидæр æй афтæмæй федта æмæ Йоа-
вæн фехъусын кодта: «Авессаломы федтон,

теревинфыл ауыгъдæй лæууы». 11Йоав
загъта: «Кæд æй федтай, уæд æй уыцы ран
цæуылнæ амардтай? Æз дын æвзисты дæс
шекелы æмæ иу рон раттаин».
12Уый дзуапп радта Йоавæн: «Æвзисты
мин шекелы тыххæй дæр мæ къух паддзахы
фыртмæ нæ систаин, уымæн æмæ дæуæн,
стæй Авишайæн æмæ Итайæн паддзах нæхи
раз фæдзæхста, мæ лæппуйы, Авессаломы,
мын бахъахъхъæнут, зæгъгæ. 13Æз афтæ куы
бакодтаин, уæд мæхи фесæфтаин — уыцы
хъуыддаг паддзахæй нæ басусæг уыдаид,
ды та дæхи бабын кодтаис».
14Йоав загъта: «Мæн демæ мæ рæстæг
дзæгъæлы сафынмæ не 'вдæлы». Æртæ фа-
ты райста æмæ сæ Авессаломы зæрдæйы
ныссагъта, уый нырма удæгас уыди тулдз
бæласыл. 15Уый фæстæ йыл Йоавы хотыхдар-
тæ дæсæй амбырд сты æмæ йæ абамардтой.
16Йоав сыкъауадындзæй ныуасыд, æмæ
йæ хæстонтæ израилæгты фæсте сурын ныу-
уагътой: Йоав ауæрста йæ адæмыл. 17Авесса-
ломы мард æристой, хъæды йæ уыцы ран иу
арф дзыхъхъы ныппæрстой æмæ йыл дуртæ
бæрзонд сцæнд кодтой. Израилæгтæй та
алчи йæ хæдзармæ фæлыгъди.
18Авессалом йæ удæгасæй Паддзахы дæл-
вæзы йæхицæн цырт ныссагъта, уымæн æмæ
афтæ загъта: «Мæнæн фырт нæй, æмæ мæ
ном уæлæуыл нæ баззайдзæн». Цырт йæхи
номæй рахуыдта, æмæ абон дæр хуыйны
Авессаломы цырт.
19Цадокы фырт Ахимаац загъта: «Цæй
æмæ азгъорон æмæ паддзахæн фехъусын
кæнон, Дунедарæг æй йе знæгты къухæй
кæй фервæзын кодта, уыцы хорз хабар».
20Фæлæ йын Йоав загъта: «Абон хорз ха-
бархæссæг нæ уыдзынæ, уымæн æмæ пад-
дзахы фырт фæмард ис. Æндæр бон-иу ын
æй фехъусын кæн». 21Йоав бафæдзæхста
иу эфиопагæн: «Ацу æмæ паддзахæн зæгъ,
цы федтай, уый». Эфиопаг Йоавæн ныллæг
акуывта æмæ азгъордта.
22Фæлæ Цадокы фырт Ахимаац ныллæу-
уыди Йоавмæ: «Цыфæндыйæ дæр, цæй æмæ
æз дæр эфиопаджы фæдыл азгъорон». Йоав
ын загъта: «Кæдæм згъорыс, мæ лæппу?
Хæрзæггурæггаг дæм не 'рхаудзæн». 23Ахи-
маац ын дзуапп радта: «Цыфæндыйæ дæр
азгъорон». Уæд ын Йоав загъта: «Азгъор».
Ахимаац атындзыдта Иорданы дæлвæзы
фæндагыл æмæ эфиопагæй фæраздæр ис.
24Уыцы сахат Давид бадти сахармæ бацæ-
уæны, æддаг къулæй мидæггаг къулы 'хсæн.
Хъалагъур кулдуары сисы сæр уæлхæдзармæ
схызти æмæ уым дыууæрдæм рацу-бацу код-
та. Кæсы, æмæ дын уæртæ иу лæг иунæгæй
æрбазгъоры. 25Хъалагъур ныхъхъæр кодта
паддзахмæ, цæмæй йын æй фехъусын кæ-
на. Паддзах загъта: «Кæд иунæг у, уæд хорз
хабар хæсдзæн».
Уый æвvaхсæй-æввахсдæр куыд кодта,
26афтæ, хъалагъур кæсы, æмæ ма нодҗы иу
лæг æрбазгъоры. Уæд та хъалагъур кулдуары
сæрæй æрхъæр кодта: «Уартæ ма нодҗы иу
лæг æрбазгъоры, уый дæр — иунæгæй». Пад-
дзах та загъта: «Уый дæр хорз хабархæссæг
уыдзæн». 27Хъалагъур зæгъы: «Фыццагмæ
кæсын, æмæ йын Цадокы фырт Ахимаацы
къахайст ис». Паддзах загъта: «Уый хорз лæг
у æмæ æнæмæнг хорз хабаримæ цæудзæн».
28Ахимаац нæма æрбахæццæ ис, афтæ-
мæй ныхъхъæр кодта паддзахмæ: «Фар-
ны хабæрттæ!» Стæй паддзахы раз зæххыл
ныддæлгом ис æмæ загъта: «Арфæгонд уæд
Дунедарæг, дæ Хуыцау, мæ бардарæгмæ,
паддзахмæ, йæ къух чи систа, уыцы адæмы
йын йæхи къухмæ Чи радта, Уый!»
29Паддзах æй бафарста: «Лæппу дзæбæх у?
Авессаломæй зæгъын». Ахимаац ын дзуапп
радта: «Æз федтон стыр змæлд, дæ дæлдæр
Йоав дын дæ цагъары куы æрвыста, уæд,
фæлæ ницы бæрæг базыдтон». 30Паддзах
загъта: «Иуварс уал алæуу уæдæ». Уый иу-
варс æрлæууыд.
31Уæдмæ эфиопаг дæр æрбахæццæ ис
æмæ загъта: «Цины хабар мæ бардарæгæн,
паддзахæн! Абон дæ Дунедарæг фервæзын
кодта, дæ ныхмæ чи рацыди, уыдоны къу-
хæй». 32Паддзах æй бафарста: «Авессалом
дæр дзæбæх у?» Эфиопаг дзуапп радта: «Мæ
бардарæджы, паддзахы фыдгултæй дæ ных-
мæ чи рацæуы, уыдонæй алчидæр уыцы
лæппуйау фæуæд!»
33Паддзах ныккæрзыдта, кулдуары сæрмæ
цы уат уыди, уырдæм ссыди æмæ дзынæзта:
«Мæ фырт Авессалом! Мæ фырт, мæ фырт
Авессалом! Ехх, уæд та дæ бæсты мæхæ-
дæг куы амардаин, Авессалом! Мæ фырт,
мæ фырт!»

**19** Йоавмæ фæхабар чындæуыд: «Паддзах
кæуы æмæ хъæрджытæ кæны Авессаломыл».
2Æмæ уыцы боны уæлахизы цин æппæт
адæмæн дæр хъарæгæй йæхи раивта, уымæн
æмæ фехъуыстой, паддзах йæ фыртыл кæй
хъыг кæны, уый. 3Уыцы бон хæстон адæм
сахармæ дæр хъуызæгау цыдысты, раст мæ-
нæ хæсты быдырæй æгады лыгъд чи ракæны,
уыдон куыд фæхъуызынц, афтæ. 4Паддзах

та адæмæн йæхи дæр не ’вдыста, дуарæх-
гæдæй æрдиаг кодта: «Мæ фырт Авессалом!
Авессалом, мæ фырт, мæ фырт!»
5Йоав паддзахмæ йæ хæдзармæ бацыди
æмæ йын загъта: «Ды ныртæккæ къæмдзæс-
тыджы æппарыс дæ цагъарты, тæккæ абон
дын дæхи, дæ фырттæ æмæ дæ чызджыты,
дæ устытæ æмæ дæ номылустыты чи фервæ-
зын кодта, уыдоны, 6уымæн æмæ ды уарзыс,
йе сæфт дæ чи уыны, уыдоны æмæ де сæфт
уыныс, чи дæ уарзы, уыдонæй. Абон равдыс-
тай, балхонтæ æмæ хæстонтæ дæумæ ныма-
ды дæр кæй не сты, уый. Абон æз базыдтон:
Авессалом æгасæй куы баззадаид, мах та
тæккæ абон иууылдæр куы амардаиккам,
уæд дæм уый раст фæкастаид. 7Рацу æмæ
дæ ныхасæй дæ цагъарты зæрдæ фæлæууын
кæн. Дунедарæгæй дын ард хæрын, куынæ
рацæуай, уæд дæм ахсæв иунæг лæг дæр
нал баззайдзæн, æмæ дын уый, æвзонгæй
нырмæ дыл цы бæллæхтæ æрцыди, æппæт
уыдонæй дæр фыддæр уыдзæн».
8Паддзах рацыди æмæ кулдуары раз æр-
бадт. Кулдуары раз бады, зæгъгæ, уый адæ-
мыл айхъуыст, æмæ уайтагъд йæ размæ
æрбамбырд сты.
Ныр израилæгтæй та алчи йæ хæдзармæ
фæлыгъд. 9Израилы адæм, æппæт хæдзар-
вæндæгтæ дæр, сæхимидæг быцæу ныхас
систой: «Паддзах нæ фервæзын кодта не
знæгтæй, суæгъд нæ кодта филистимæгты
къухæй, йæхедæг та, Авессаломæй лидзгæ-
йæ, ныууагъта йæ зæхх. 10Авессаломы нæхи-
цæн байсæрстам паддзахæй, фæлæ уый хæс-
ты куы фæмард, уæд ныр цы фæстиат кæнут
паддзах Давиды фæстæмæ раздахыныл?»
11Израилæгты ныхæстæ паддзахмæ фæ-
хæццæ сты, æмæ Давид арвыста сауджынтæ
Цадок æмæ Авиафарæн бафæдзæхсынмæ:
«Иудæйы хистæртæн зæгъут: „Паддзахы
йæ хæдзармæ раздахыны хъуыддаджы уæ
фæсте баззайын цæмæн фæнды? 12Ме ’фсы-
мæртæ куы стут, мæ туг æмæ ме стæг, уæд
паддзахы раздахыны хъуыддаджы фæсте
цæмæн хъуамæ баззайат?“ 13Амасайæн дæр
зæгъут: „Ды мæ туг æмæ ме стæг нæ дæ, æви?
Хуыцау мын афтæтæ æмæ уфтæтæ, стæй
ноджы фыддæртæ бакæнæд, цæрæнбонтæм
мын Йоавы бæсты ды æфсады хицау куынæ
уай, уæд!“» 14Афтæмæй Давид æппæт иуде-
йæгты дæр иу адæймагау æртасын кодта,
æмæ уыдон арвыстой паддзахмæ: «Раздæх,
дæхæдæг дæр æмæ дæ адæм дæр!»
15Паддзах раздæхти æмæ Иорданы был-
гæронмæ æрцыд. Иудейæгтæ рараст сты
паддзахы размæ, Иорданы фаллаг фарсæй
йæ æрбахизын кæнынмæ, æмæ æрхæццæ
сты Гилгалмæ. 16Паддзах Давиды размæ
иудейæгтимæ атагъд кодта бахуримаг Шими
дæр, Герайы фырт, Бениамины байзæддаг;
17йемæ — иу мин адæймаджы Бениамины
мыггагæй, стæй ма — Саулы хæдзары лæг-
гадгæнæг Цива йæ фынддæс фыртимæ æмæ
йе ссæдз цагъаримæ. Æмхуызонæй атын-
дзыдтой Иорданы ’рдæм паддзахы размæ
18æмæ паддзахæн æд хæдзаронтæ ацырдæм
æрбахизынмæ феххуыс кодтой. Паддзахæн
йæ алы фæндон æххæст кæнынмæ дæр гæп-
пæввонгæй лæууыдысты.
Паддзах Иорданы фаллаг фарс куыддæр
йæ къах æрæвæрдта, афтæ Герайы фырт
Шими йæ разы зæххыл ныддæлгом ис 19æмæ
йын загъта: «О мæ паддзах, ма мæ бафхæр
мæ азымы тыххæй! Мæ цæстмæ мын ма
бадар, мæ бардарæг, паддзах, Йерусалимæй
куы рацыди, уæд дæ цагъар цы тæригъæды
бацыд, уый. Хæрам зæрдæ мæм ма бадар, мæ
паддзах. 20Хорз зоны дæ цагъар йæ азым,
æмæ мæнæ абон Йосефы хæдзарвæндагæн се
’ппæты разæй æрбацыдтæн мæ бардарæгыл,
паддзахыл, сæмбæлынмæ».
21Церуайы фырт Авишай афтæ бакодта:
«Ау, Шимийæн, Дунедарæджы байсæрсты
кæй æлгъыста, уый тыххæй марыны тæрхон
нæ уыдзæн?»
22Давид ын дзуапп радта: «Цы мæ агурут,
Церуайы фырттæ? Мæ фæндагыл цæхгæр-
мæ цæмæн ныллæууыдыстут? Ахæм бон
марыны тæрхон скæнæн куыд ис Израилы?
Израилы паддзах кæй дæн, уый та ныртæккæ
мæхи цæстæй куы уынын!» 23Æмæ загъта
паддзах Шимийæн: «Нæ амæлдзынæ». Æмæ
йын ард бахордта.
24Паддзахы размæ рацыди Саулы фырты
фырт Мефивошет дæр. Паддзахы ацыды бо-
нæй, сæрæгасæй фæстæмæ куы æрбаздæхти,
уыцы бонмæ уый йæ къæхты ныхтæ дæр
никуы ракодта, йæ зачъе дæр никуы фæцы-
быр кодта, йæ дарæс дæр никуы ныхсадта.
25Йерусалиммæ паддзахы размæ куы
æрбацыди, уæд æй паддзах бафарста: «Ме-
фивошет, мемæ цæуылнæ ацыдтæ?» 26Уый
йын дзуапп радта: «О мæ бардарæг, паддзах!
Мæ фæсдзæуин мæ афæлывта. Къуылых
кæй дæн, уымæ гæсгæ æз, дæ цагъар, афтæ
хъуыды кодтон, хæрæгыл мæхицæн саргъ
сæвæрын кæндзынæн æмæ мæ паддзахмæ
ацæудзынæн, зæгъгæ. 27Фæлæ мæныл, дæ
цагъарыл, мæ фæсдзæуин дæ разы, мæ бар-
дарæджы, паддзахы раз хахуыртæ фæкодта.

Мæ хицау, мæ паддзах! Ды Хуыцауы зæдау
дæ æмæ, куыд хуыздæр дæм кæсы, афтæ
бакæн. 28Мæ бардарæг, паддзах, дæуæн дæ
бон уыди, æмæ мын мæ фыды хæдзарвæн-
даг æгасæй дæр ныццæгъдай, фæлæ ды дæ
цагъары демæ æмвынг скодтай! Уæд ма æз
цы цæсгомæй хъаст кæнон паддзахæн?»
29Паддзах загъта: «Уыцы ныхæстæ ныу-
уадз, цæмæн мын сæ дзурыс? Мæнæ дын мæ
уынаффæ: дæ зæххытæ Циваимæ уе 'хсæн
адих кæн». 30Мефивошет паддзахæн загъта:
«Æгайтма мæ бардарæг, паддзах, йæ хæдзар-
мæ сæрæгасæй æрбаздæхти! Иууылдæр сæ
Цива айсæд!»
31Уымæй размæ Рогелимæй æрцыди га-
лаадаг Барзиллай дæр æмæ паддзахимæ
бацыд Иорданы былгæронмæ, уыцы ран ын
фæндараст зæгъынмæ. 32Барзиллай, хæрз
зæронд лæг, æстайаздзыд, уыди тынг бон-
джын æмæ, паддзах Маханаимы куы уыди,
уæд æй ницы хъуаг уагъта.
33Паддзах ын загъта: «Рацу мемæ æмæ
ницы хъуаг уыдзынæ Йерусалимы». 34Фæлæ
йын Барзиллай дзуапп радта: «Цал азы ма
цæрдзынæн, цæй номыл ма цæуон паддза-
химæ Йерусалиммæ? 35Ныридæгæн мыл
æстай азы куы цæуы, уæд ма мæм цы хур
кæсы фидæнæй? Цы хæрын æмæ цы нуазын,
уыдоны ад ма бамбардзæни дæ цагъар? За-
рæггæнджыты хъæлæс æрцахсынхъом ма
суыдзысты мæ хъустæ? Мæ бардарæгæн,
паддзахæн, фыдæбоны хос цæмæн хъуамæ
уон? 36Афтæ ма йæ паддзахимæ Иорданы онг
иу чысыл бауайын фæндыди дæ цагъары.
Дзæгъæлы мæ кæны паддзах ахæм стыр
хорзæхы аккаг. 37Фæстæмæ аздæхыны бар
ратт дæ цагъарæн, æмæ мæхи сахары, мæ
фыд æмæ мæ мады зæппадзы цур амæлон.
Фæлæ кæд гæнæн ис, уæд мæ бардарæгимæ,
паддзахимæ, араст уæд мæнæ дæ цагъар, мæ
фырт Кимхам, æмæ дæ бар уæд». 38Паддзах
загъта: «Мемæ рацæуæд Кимхам æмæ йын,
ды цы зæгъай, уый саразздзынæн, цыдæ-
риддæр мæ бацагурай, уый бакæндзынæн».
39Паддзах аба кодта Барзиллайæн, Хуы-
цауыл æй бафæдзæхста, æмæ уый йæ хæ-
дзармæ аздæхт.
Адæм иууылдæр Иорданы фаллаг фарс-
мæ ахызтысты. Ахызти паддзах дæр 40æмæ
араст ис Гилгалмæ, Кимхам дæр йемæ, аф-
тæмæй. Æппæт иудейаг адæм æмæ израилаг
адæмы æмбис цыдысты паддзахы фæдыл.
41Израилæгтæ паддзахмæ бацыдысты æмæ
йæ бафарстой: «Сæхи дæ цæмæн бакодтой не
'фсымæртæ, иудейæгтæ? Паддзахы дæр, йæ
хæдзаронты дæр æмæ йе 'ппæт адæмы дæр
уыдон цæмæн æрбахизын кодтой Иорданы
ацы фарсмæ?» 42Иудейæгтæ сын дзуапп рад-
той: «Уымæн æмæ паддзах махæн хиондæр
у. Уæвгæ ууыл та цы маст кæнут? Паддзахы
хардзæй минас, мыййаг, фæкодтам, æви нын
паддзах исты лæвæрттæ ракодта?» 43Изра-
илæгтæ дæр загътой иудейæгтæн: «Махмæ
сымахæй дæс хатты фылдæр бартæ куы ис,
цæмæй Давид мах паддзах уа; ноджы ма уæ
хистæр æфсымæртæ дæр куы стæм, уæд нæ
цæмæн бафхæрдтат? Нæ паддзахы фæстæмæ
раздахыны охыл дæр фыццаг ныхас махæй
нæ рацыди, æви?» Фæлæ дзыхæй уæддæр
иудейæгтыл нæ тых кодтой израилæгтæ.

**20** Уыцы рæстæг се 'хсæн фæци иу æнак-
каг лæг, Бениамины мыггагæй, Бихрийы
фырт Савей. Сыкъауадындзæй ныууасыди
уый æмæ ныхъхъæр кодта: «Махæн та ма
ныр Давид чи у? Йессейы фыртимæ мах
цы хъуыддаг ис? Гъæй кæнут уæ цатыртæм,
израилæгтæ!» 2Израилæгтæ дæр Давиды фæ-
уагътой æмæ Бихрийы фырт Савейы фæдыл
фæраст сты. Иудейæгтæ та сæ паддзахимæ
баззадысты æмæ Иорданæй суанг Йеруса-
лимы онг йемæ фæцыдысты.
3Паддзах Давид Йерусалиммæ йæ галу-
анмæ куы æрбаздæхт, уæд, хæдзаргæс кæй
ныууагъта, йæ уыцы дæс номылусы æрцæ-
рын кодта, хъахъхъæнджытæ сын кæм уыд,
ахæм хæдзары. Хъуаг сæ ницæмæй уагъта,
фæлæ сæм цæугæ нæ кодта. Æмæ уыдон
идæдз устытау, æхгæд цард кæнгæйæ, цар-
дысты уым сæ амæлæты онг.
4Паддзах Амасайæн загъта: «Æртæ боны
дын æмгъуыд дæттын, æмæ мын фæдзур
æппæт иудейæгтæм дæр, стæй дæхæдæг
дæр ам куыд уай, афтæ». 5Амаса ацыд иу-
дейæгтæм фæдзурынмæ, фæлæ æмгъуыды
бонмæ уый йæ къухы нæ бафтыди.
6Давид загъта Авишайæн: «Ныр нын Бих-
рийы фырт Савей, гæнæн ис æмæ Авесса-
ломæй дæр фыддæр фыдбылызтæ сараза.
Гъемæ дæ паддзахы хæстонты демæ акæн
æмæ йæ фæсте асур, цалынмæ йæхицæн
фидар сахартæ не ссардта æмæ нæ йæхи нæ
фæтылиф кодта, уæдмæ». 7Йоавы адæм, ке-
ретæгтæ æмæ пелетæгтæ, се 'ппæт дæр — гу-
ыппырсартæ, Авишай сæ сæргъы, афтæмæй
феггуырстысты Йерусалимæй æмæ Бихрийы
фырт Савейы фæдыл афæдис кодтой.
8Гивоны цур цы стыр дур ис, уымæ куы
баввахс сты, уæд Амаса сæ размæ фæци. Йо-
ав — йæ хотыхты, йæ цирхъ — йæ астæуыл

баст, ӕмӕ йын цӕугӕ-цӕуын кӕрддзӕмӕй
ӕрхауд. [9]Йоав Амасайы фӕрсы: «Куыд дӕ,
ме 'фсымӕр?» — ӕмӕ йын рахиз къухӕй
йӕ боцъомӕ бавнӕлдта, цыма йын ба код-
та, афтӕ. [10]Амаса йын йӕ иннӕ къухы кард
нӕ фӕхъуыды кодта, ӕмӕ йын ӕй Йоав йӕ
гуыбыны ныссагъта. Амасайӕн йӕ хуыл-
фыдзаумӕттӕ зӕхмӕ ӕркалдысты ӕмӕ
амарди, дыккаг цӕфы сӕр ӕй нал бахъуыд.

Йоав ӕмӕ йе 'фсымӕр Авишай дарддӕр
атындзыдтой Бихрийы фырт Савейы фӕ-
дыл. [11]Йоавы хӕстонтӕй иу Амасайы марды
уӕлхъус ӕрлӕууыд ӕмӕ дзырдта: «Йоавы
чи нымайы ӕмӕ Давиды фарс чи хӕцы, уый
Йоавы фӕдыл рацӕуӕд!» [12]Ныр Амасайы
мард та фӕндаджы астӕу йӕ туджы мӕцыд,
ӕмӕ уыцы лӕг куы федта, адӕм йӕ уӕлхъус
ӕмбырд кӕнынц, уӕд ӕй фӕндагӕй иу-
варсмӕ раласта ӕмӕ йыл дарӕс баппӕрста.
[13]Марды фӕсвӕдмӕ айстой фӕндагӕй, ӕмӕ
адӕм Йоавы фӕдыл фӕраст сты Бихрийы
фырт Савейы агурӕг.

[14]Савей ахызти Израилы хӕдзарвӕндӕгты
зӕххытыл ӕмӕ Авел-Бет-Маахайы сахармӕ
бахӕццӕ ис. Бихрийы байзӕддӕгтӕ ӕмткӕй
йемӕ бамбал сты ӕмӕ сахармӕ йӕ фӕдыл
бацыдысты. [15]Йоавы ӕфсад дӕр бахӕццӕ ис
Авел-Бет-Маахамӕ ӕмӕ йыл ӕрхъула кодта.
Сахары сисрӕбын сыджытбыру скодтой ӕмӕ
сахары сис ракалыныл архайын райдыдтой.

[16]Уӕд иу зонынджын сылгоймаг сисы сӕ-
рӕй ӕрдзырдта: «Байхъусут-ма, байхъусут-
ма! Зӕгъут-ма Йоавӕн, ӕмӕ ардӕм ӕвваxс
ӕрбацӕуа, ӕз ын цыдӕр зӕгъон!» [17]Йоав
ӕрбацыди, ӕмӕ йӕ сылгоймаг бафарста:
«Уый ды дӕ, Йоав?» Уый дзуапп радта: «Ӕз».
Сылгоймаг загъта: «Уӕдӕ дӕ цагъары ны-
хӕстӕм байхъус». Уый йын дзуапп радта:
«Хъусын».

[18]Сылгоймаг дзурын райдыдта: «Раздӕр-
иу афтӕ загътой, ӕнӕмӕнг Авелы сахары
бафӕрсут, зӕгъгӕ, ӕмӕ-иу алы хъуыддаг
дӕр афтӕмӕй сарӕзтой. [19]Мах Израилимӕ
хъӕрмудӕй цӕрӕм, ӕнувыд ыл стӕм, ды та
израилаг сахар ныддӕрӕн кӕнынмӕ хъавыс,
уыимӕ — стыр сахар. Цӕмӕн дӕ фӕнды
Дунедарӕджы бӕстыхай фехалын?» [20]Йоав
ын дзуапп радта: «Уый нӕ уыдзӕн! Ӕлгъыст
фӕуон, ӕз исты куы бабын кӕнон ӕмӕ куы
фехалон! [21]Хъуыддаг уый мидӕг нӕй. Ефремы
хӕхбӕстаг, йӕ ном — Савей, Бихрийы фырт,
йӕ къух систа паддзах Давидмӕ. Ӕрмӕстдӕр
мын уый раттут, ӕмӕ уын уӕ сахар ӕнцад
ныууадздзынӕн». Сылгоймаг загъта Йоавӕн:
«Сисы сӕрӕй дын йӕ сӕр ӕрӕппардзысты».

[22]Сылгоймаг дзыллӕйы раз ӕрлӕууыди
ӕмӕ сын йӕ хъуыды загъта. Уыдон ын йӕ
зондмӕ байхъуыстой, Бихрийы фырт Саве-
йӕн йӕ сӕр акъуырдтой ӕмӕ йӕ Йоавмӕ
ӕрӕппӕрстой. Уӕд Йоав сыкъауадындзӕй
ныууасын кодта, ӕмӕ уыйадыл йӕ адӕм
сахары разӕй сӕхи айстой ӕмӕ сӕ хӕдзӕрт-
тӕм ацыдысты, Йоав йӕхӕдӕг та йӕ пад-
дзахмӕ аздӕхт Йерусалиммӕ.

[23]Йоав уыди ӕгас Израилы ӕфсады хицау,
Йеходайы фырт Бенайа — керетӕгтӕ ӕмӕ
пелетӕгты хицау, [24]Адорам — цагъайрӕгты
хицау, Ахилуды фырт Йошафат — азфыссӕг,
[25]Шева — нымӕрдар, Цадок ӕмӕ Авиафар —
сауджынтӕ; [26]иаираг Ира дӕр уыди Давиды
сауджын.

**21** Давиды заман фӕд-фӕдыл ӕртӕ стонг
азы скодта, ӕмӕ паддзах Дунедарӕджы
бафарста. Дунедарӕг загъта: «Аххос Саул
ӕмӕ йӕ байзӕддагыл ис, уымӕн ӕмӕ Саул
ӕназым гивонӕгты туг ныккалдта».

[2]Паддзах фӕдзырдта гивонӕгтӕм. Гиво-
нӕгтӕ израилӕгтӕй нӕ, фӕлӕ, аморӕгтӕй
ма чи аирвӕзти, уыдонӕй уыдысты. Израи-
лӕгтӕ сын кӕддӕр ард бахордтой, удӕгасӕй
сӕ кӕй ныуадздзысты, уый тыххӕй, фӕлӕ
Саул, израилӕгтӕ ӕмӕ иудейӕгтыл тыхс-
гӕйӕ, сӕ цӕгъдыныл нӕ ауӕрста.

[3]Давид гивонӕгты бафарста: «Цы хорзы
уын бацӕуон, цӕмӕй уыцы азым ферох
кӕнат ӕмӕ Хуыцауы арфӕ уӕ цӕст бауарза
Дунедарӕджы адӕмӕн?» [4]Гивонӕгтӕ йын
загътой: «Саул ӕмӕ нӕ йӕ байзӕддӕгтӕй
нӕдӕр ӕвзист хъӕуы, нӕдӕр сыгъзӕрин.
Израилы адӕмӕй искӕй амарӕм, уыцы бар
та нын нӕй». — «Цыдӕриддӕр мын зӕгъат,
ӕз уый бакӕндзынӕн!» — зӕрдӕ сын ба-
вӕрдта Давид.

[5]Уӕд уыдон загътой: «Кӕй нӕ цагъта ӕмӕ
нын Израилы зӕххыл нӕ мыггаг сыскъуы-
нынмӕ кӕй тырныдта, [6]уый тыххӕй нын йӕ
байзӕддӕгтӕй авд нӕ къухмӕ ратт, ӕмӕ сӕ
мах, Дунедарӕг кӕй равзӕрста, уыцы Саулы
Дунедарӕджы раз Гевӕйы ӕрцауындзӕм».
Паддзах сын загъта: «Ратдзынӕн».

[7]Давид, Саулы фырт Ионатанимӕ Дуне-
дарӕджы раз цы ард бахордтой, уый йӕ
зӕрдыл дардта ӕмӕ Ионатаны фырт Мефи-
вошетыл бацауӕрста. [8]Паддзах равзӕрста,
Айайы чызг Рицпайӕ Саулӕн цы дыууӕ
фырты баззади, уыдоны — Армони ӕмӕ
Мефивошеты, стӕй Саулы чызг Мелхолӕйӕн
Барзиллайы фырт мехолайаг Адриелӕй цы
фондз лӕппуйы уыди, уыдоны. [9]Гивонӕгты

къухмæ сæ радта, æмæ сæ уыдон Дунедарæ-
джы раз, кувæн къуыбырыл, æрцауыгътой.
Авдæй дæр амардысты иумæ, хуымгæрдæн-
ты фыццаг бонты, хъæбæрхорæфснайæнтæ
куы райдыдтой, уæд.
10 Айайы чызг Рицпа сæхъисы гæппæл
райста æмæ йæ къæдзæхыл йæхицæн æры-
тыдта. Хуымгæрдæнты райдианæй суанг,
цалынмæ сын сæ мæрдтыл арвæй къæвда уа-
рын райдыдта, уæдмæ уырдыгæй нæ рацыди.
Боныгон сæм æввахс нæ уагъта уæларвон
мæргъты, æхсæвыгон — хъæддаг сырдты.
11 Давидæн радзырдтой, Саулы номылус
Рицпа, Айайы чызг, цы бакодта, уый. 12 Да-
вид ацыди æмæ галаадаг Иавешы цæрджы-
тæй райста Саул æмæ йæ фырт Ионатаны
стджытæ. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ
филистимæгтæ Гилбоайы цур Саулы æф-
садыл куы фæуæлахиз сты, уæд Саул æмæ
Ионатаны мæрдтæ Бет-Шеаны сахары фæзы
æрцауыгътой, æмæ сæ Иавешы цæрджытæ
уырдыгæй радавтой. 13 Давид Иавешæй Саул
æмæ йæ фырт Ионатаны стджытæ куы æр-
бахаста, уæд, ныр кæй æрцауыгътой, уыцы
авды стджытæ дæр сæмбырд кодтой 14 æмæ
сæ Саул æмæ йæ фырт Ионатаны стджытимæ
иумæ Целайы, Бениамины зæххыл, Саулы
фыд Кишы зæппадзы бавæрдтой. Бакодтой,
паддзах куыддæриддæр бафæдзæхста, аф-
тæ, æмæ уый фæстæ Хуыцау айста адæмы
куывд æмæ батæригъæд кодта бæстæйæн.
15 Филистимæгтæ æмæ израилæгтæ та но-
гæй схæцыдысты, æмæ Давид йæ адæмимæ
филистимæгты ныхмæ тохмæ ралæууыди.
Давид бастад, 16 æмæ йæ Рафайы байзæд-
дæгтæй иу, Ишби, зæгъгæ, йæ арцы æрхуы
бырынчъы уæз — æртæсæдæ шекелы, йæ
астæуыл — ног цирхъ, ныццæвынмæ хъа-
выд — хъуамæ йæ амардтаид. 17 Фæлæ Церуа-
йы фырт Авишай Давиды фарсмæ æрбалæу-
уыди — филистимагыл йæхи ныццавта æмæ
йæ амардта. Уæд Давидæн йæ адæм расомы
кодтой: «Ды немæ хæстмæ нал ацæудзынæ,
цæмæй Израилы цырагъ ма ахуысса».
18 Фæстæдæр ма Говы дæр филистимæгти-
мæ ногæй схæцыдысты. Хушайаг Сибехай
амардта Сафы, Рафайы байзæддæгтæй иуы.
19 Говы ма филистимæгтимæ ноджыдæр
иу хæст уыди, æмæ уым вифлеемаг Елханан,
Иаир-Оргимы фырт, гатаг Голиафы амард-
та — йæ арцы хъæд тынуафæн хъилы йас
кæмæн уыди, уыцы Голиафы.
20 Иу ахæм хæст ма уыди Гаты дæр.
Уым иу уæйыгæнгæс лæг, уый дæр Рафа-
йы байзæддæгтæй, йæ къухтæ æмæ йæ
къæхтыл — æхсæзгай æнгуылдзтæ, æдæп-
пæтæй — цыппар æмæ ссæдз æнгуылдзы,
21 фидистæ кодта израилæгтæн, æмæ йæ
Йонатан, Давиды æфсымæр Шимайы фырт,
амардта. 22 Ацы уæйыгæнгæс лæгтæ цыппа-
рæй дæр уыдысты Рафайы байзæддæгтæ,
гатæгтæ, æмæ Давид æмæ йæ хæстонты
къухæй мæрдтæм бацыдысты.

**22** Дунедарæг æй йе 'ппæт фыдгултæ æмæ
Саулæй куы фервæзын кодта, уæд Давид Ду-
недарæджы кадæн скодта ацы зарæг. 2 Загъта:

«Дунедарæг — мæ къæдзæх,
мæ фидар, мæ ирвæзынгæнæг.
3 Мæ Хуыцау — мæ айнæг къæдзæх,
уым агурын мæхицæн æмбæхсæн.
Уый — мæ уарт, мæ ирвæзæн хох,
мæ фидар гæнах.
Ды — мæ ирвæзынгæнæг,
фыдбылызæй мæ бахызтай.
4 Æз кадджын Дунедарæгмæ
фæсиддзынæн
æмæ фервæздзынæн ме знæгтæй.

5 Æрбалвæстой мæ мæлæты рæхыстæ,
ныккалдысты мыл
фыдæхы гуылфæнтæ,
6 мæрдтыбæсты рæхыстæ мæ
æрбалхъывтой,
мæлæты къæппæг мын
мæ развæндаг æхгæны.
7 Мæ тыхстæй æз
Дунедарæгмæ скуывтон,
мæ Хуыцаумæ сдзынæзтон.
Йæ Кувæндонæй фехъуыста
мæ хъæлæс,
сыхъуысти Йæм мæ дзыназын.
8 Ныррызт æмæ нынкъуысти зæхх,
хæхтæ фенкъуыстысты сæ бындурæй,
ризæг сыл бахæцыд Йæ азарæй.
9 Фæздæг калди
Йæ фындзы хуынчъытæй,
Йæ комæй арт бырста,
зынджы стъæлфæнтæ калдысты
Йæ алыварс.
10 Арвы къæй æртасын кодта
æмæ æрхызти дæлæмæ,
Йæ къæхты бын — саудалынг.
11 Сбадти херувимтыл æмæ атахт,
Йæхи систа дымгæйы базыртыл.
12 Талынгæй Йæ алыварс
скодта æмбæрзæн,
саувадыг мигътæ
æртыхстысты Йæ алыварс.

13 Йе 'рттывдæй мигътæ
тахтысты Йæ разæй —
ихуард æмæ зынджы стъæлфæнтæ.
14 Дунедарæг ныннæрыди уæлæрвты,
Иууылбæрзонды хъæлæс
ныййазæлыд —
ихуард æмæ зынджы стъæлфæнтæ.
15 Суагъта Йæ фæттæ
æмæ ныххæлиу кодта фыдгулты,
арвæрттывдæй сæ лидзæг фæкодта.
16 Дæ масты раулæфтæй, Дунедарæг,
Дæ карз æртхъирæнæй,
байгом сты донгуырæнтæ,
зæххы бындуртæ разындысты.

17 Дунедарæг бæрзондæй
æруагъта Йæ къух
æмæ мæ фелвæста хуыдымæй;
18 фервæзын мæ кодта
цыфыддæр знагæй,
æнæуынон кæмæн уыдтæн
æмæ мæхицæй тыхджындæр чи уыди,
уыцы фыдгултæй.
19 Мæ фыдбылызы бон мыл
сæхи куы ныццавтой,
уæд ме 'нцой фæлæууыди Дунедарæг.
20 Ракодта мæ æдас ранмæ,
Йæ хорзæх мæ ис,
æмæ мæ фервæзын кодта.
21 Хæрзиуæг мын радта Дунедарæг
мæ рæстадмæ гæсгæ,
мæ къухты сыгъдæгдзинадмæ гæсгæ.
22 Уымæн æмæ æз цыдтæн
Йæ фæндæгтыл,
мæ Хуыцауыл
никуы сивтон мæ зæрдæ.
23 Йæ фæдзæхстытæ иууылдæр
мæ разы сты,
Йæ уагæвæрдты сæрты
никуы ахызтæн.
24 Йæ разы уыдтæн æнæкъæм,
мæхи хызтон тæригъæд ракæнынæй.
25 Хæрзиуæг мын радта Дунедарæг
мæ рæстадмæ гæсгæ,
Йæ разы сыгъдæг кæй дæн,
уымæ гæсгæ!

26 Иузæрдионыл Ды дæр иузæрдион дæ,
æнæкъæм чи у,
уыимæ — зæрдæхæлар;
27 æнæхин адæймагæн бафидыс
йæ сыгъдæгдзинадмæ гæсгæ,
мæнгардæн та —
йæ мæнгарддзинадмæ гæсгæ.
28 Ды æфхæрд адæмы фервæзын кæныс,
сæрбæрзонды
æгады бынатмæ 'руадзыс.
29 Ды мæнæн ссудзыс мæ цырагъ;
Дунедарæг мын рухсæй
раивдзæни мæ талынг.
30 Æз Де 'ххуысы фæрцы
басæттын ме знæгты,
мæ Хуыцауимæ схизын
æнæбасæттæ сисмæ.
31 Хуыцауы фæндаг æнæфау æмæ раст у,
Йæ ныхас — сыгъдæг;
йæ зæрдæ йыл чидæриддæр дары,
уыдонæн Уый уарт у.
32 Уымæн æмæ Дунедарæджы йеддæмæ
æндæр Хуыцау кæм ис?
Æмæ нæ Хуыцауы йеддæмæ
ныфсы къæдзæх чи у?
33 Хуыцау мын ратты хъару,
сраст мын кæны мæ фæндаг;
34 саджы цæрдæгдзинад
ратты мæ къæхтæн,
бæрзæндтыл мæ
æрлæууын кæны фидарæй.
35 Мæ къухтæ мын сфæлтæрдта тохы,
æрхуы æрдын тасы мæ армы.
36 Ды радтай мæнæн
Дæ ирвæзындзинады уарт,
Дæ хорзæх мæ сисы бæрзонд.

37 Фидар у мæ къахайст Дæ фæрцы,
нæ цуды мæ къах.
38 Æз мæ фыдгулты айсын мæ разæй,
цалынмæ сæ нæ ныццæгъдын,
уæдмæ фæстæмæ нæ раздæхын.
39 Ныддæрæн сæ кæнын,
æмæ сæ бон сыстын дæр нал вæййы,
мæ къæхты бынмæ æрхауынц.
40 Ды мæнæн тох кæнынæн
хъару раттыс,
ме знæгты мын
мæ къæхты бынмæ æрæппарыс.
41 Лидзæг сæ фæкодтай мæ разæй
æмæ æз ныццагътон
ме сæфтмæ бæлджыты.
42 Уыдон æххуысагур дзыназынц,
фæлæ сын ирвæзынгæнæг нæй;
Дунедарæгмæ хъæрахст кæнынц,
фæлæ сын Уый дзуапп нæ дæтты.
43 Зæххы рыгау сæ
дымгæмæ ныддардтон,
уынгты цъыфау сæ
мæ къæхты бын бассæстон.
44 Ды мæ бахызтай
дзыллæйы змæстытæй,
адæмты сæргъы мæ сæвæрдтай

æмæ, зонгæ дæр кæй нæ кодтон,
уыдон дæр мын лæггад кæнынц ныр.
45 Æндæрбæстæгтæ козбау митæ
кæнынц мæ разы,
æрмæст мæ койæ дæр басæттынц,
46 зыр-зыргæнгæ
се 'мбæхсæнтæй рахилынц.
47 Цардæгас у Дунедарæг,
арфæгонд у мæ ныфсы Къæдзæх!
Кадджын уæд Хуыцау —
мæ ирвæзынгæнæг!
48 Хуыцау — мæ мастисæг,
адæмты мын бакодта мæ дæлбар.
49 Ды мæ фервæзын кодтай ме знæгтæй,
Дæ фæндонæй
фæуæлахиз дæн фыдгултыл,
фыдлæгтæй фервæзтæн Дæ фæрцы.
50 Адæмты 'хсæн Дæ стаудзынæн,
Дунедарæг,
скадджын кæндзынæн Дæ ном!
51 Ды паддзахæн
стыр уæлахизтæ дæттыс
æмæ мыггагмæ аудыс
Де 'взæрст Давидыл
æмæ йæ байзæддæгтыл».

**23** Мæнæ Давиды фæстаг ныхæстæ:

«Дзуры Давид, Йессейы фырт,
Хуыцау бæрзонд кæй систа,
уыцы адæймаг,
Йаковы Хуыцауы байсæрст,
Израилы Сæрхъуызой кæй уарзы, уый.

2 Дунедарæджы Уд дзуры мæн уылты,
мæ былалгъыл — Йæ дзырд.
3 Израилы Хуыцау загъта,
Израилы Къæдзæх мын
фехъусын кодта:
„Рæстæй адæмыл æлдариуæг чи кæна,
Хуыцауæй тæрсгæйæ сын разамынд
чи дæтта,
4 уый у сæуæхсиды, ирд райсомы 'нгæс,
æрдзы срухсау, зæххæй кæрдæг
чи сзайын кæны,
уыцы къæвдайы фæстæ“.

5 Хуыцауы раз
ахæм нæу мæ хæдзарвæндаг?!
Мыггагмæйы Фидыд
Уый сарæзта мемæ,
æнæфехалгæ æмæ æнаивгæ!
Исты нæ кæнын æдзух æз уæлахиз?
Исты мæ алы фæнд къухы нæ бафты?
6 Æнаккæгтæ та — какон сындзытау,
къухæй кæмæ нæ бавналынц,
афтæмæй кæй аппарынц,
7 фæлæ æфсæн цыргъагæй
кæнæ арцы хъæдæй
кæй фелвасынц
æмæ арты кæй баппарынц».

8 Мæнæ Давиды æхсарджынтæ номхуын-
дæй: тахкемонаг Иошев-Башевет. Æртæйы
хистæр. Йæ арцы бырынкъæй астсæдæ зна-
джы ныццагъта.
9 Уый дæле — Елеазар, Додойы фырт, Ахо-
хийы байзæддаг, Давидимæ филистимæг-
тæм тохмæ цы æртæ хæстоны фæсидти, уы-
донæй иу. Израилæгтæ уæд фæтасыдысты,
сæхи фæфæстæмæ кодтой, 10 фæлæ Елеазар
фидар фæлæууыд, филистимæгты цагъта,
цалынмæ йæ къух бастад æмæ йын карды
фистоныл нындæгъд, уæдмæ. Уыцы бон
Дунедарæг стыр уæлахиз радта. Æфсад фæс-
тæмæ куы æрбаздæхт, уæд ма сæ æрмæстдæр
хъуыди, мæрдтæм исбонæй цы уыд, уый
æрæмбырд кæнын.
11 Уый дæле — Агейы фырт Шамма, хара-
раг. Филистимæгтæ æрæмбырд сты Лехийы
цур, тъæпæн хъæдуры зад хуымы, æмæ
израилæгтæ лидзæг фесты, 12 фæлæ Шамма
æрлæууыд хуымы астæу æмæ хуым дæр ба-
хъахъхъæдта, филистимæгты дæр ныццагъ-
та — Дунедарæг стыр уæлахиз саккаг кодта.
13 Дæс æмæ ссæдз фæтæгæй æртæ Адулла-
мы лæгæтмæ Давидмæ ныццыдысты хуым-
гæрдæнафон. Уæд филистимæгты рæсæнуат
Рефаимты дæлвæзы уыд. 14 Давид фидары
уыди, филистимæгты иу къорд та — Вифлее-
мы раз. 15 Давид дойныйæ марди æмæ загъта:
«Тæхуды, Вифлеемы кулдуары цур цы цъай
ис, уырдыгæй мын исчи дон куы æрбадавид!»
16 Æртæ æхсарджыны филистимæгты рæсæн-
уатмæ бабырстой, Вифлеемы кулдуары цур
цъайæ дон систой æмæ йæ Давидæн æрхастой.
Фæлæ дзы йæ зæрдæ нæ бакуымдта бануа-
зын, Дунедарæджы кадæн æй акалдта 17 æмæ
загъта: «Уымæй мæ бахизæд Дунедарæг! Нæ
бануаздзынæн! Сæ удтæ сæ армы даргæйæ
чи ацыд, уыдоны туг куы у ай!» Æмæ дзы нæ
бакуымдта нуазын. Гъе ахæм лæгдзинад
равдыстой уыцы æртæ хæстоны.
18 Йоавы æфсымæр Авишай, Церуайы фырт,
уыди хæстон къорды хистæр. Йæ арцы бы-
рынкъæй знаджы адæмæй æртæсæдæ ныц-
цагъта, æмæ йын æфсады 'хсæн уыди стыр
кад. 19 Се 'ппæтæй номдзыддæр уыд æмæ
сын разамынд лæвæрдта, фæлæ æфсадæн

цы æртæ уæлдæр разамонæджы уыди, уый уыдонмæ нæ хаудис.

20Кавцеелы сахайраг Йеходайы фырт бæгъатыр Бенайа зындгонд у йæ бирæ хъуыддæгтæй. Уый амардта моаваг дыууæ домбай хæстоны. Иуахæмы та, мит уарыд, афтæмæй къардиумæ ныххызти дон схæссынмæ, домбайыл дзы бамбæлдис æмæ йæ уыцы ран æрбамардта. 21Мæрдтæм барвыста иу уæйыгæнгæс мысыраджы дæр. Мысыраджы къухы уыди арц, Бенайа та йæ ныхмæ лæдзæгимæ рацыди, йæ арц ын йæ къухæй стыдта æмæ йæ йæхи арцæй амардта. 22Ахæм сгуыхт лæг уыд Йеходайы фырт Бенайа. Æфсады ’хсæн ын стыр кад уыди. 23Хæстонтæн сæ номдзыддæртæй уыди, фæлæ, æфсадæн цы æртæ уæлдæр разамонæджы уыд, уыдонмæ нæ хаудис. Давид æй йæ хъахъхъæнджыты сæргъы сæвæрдта.

24Бæгъатыр хæстонтыл нымад уыдысты: Йоавы æфсымæр Асаел; Додойы фырт Елханан, вифлеемаг; 25хародаг Шамма; хародаг Елика; 26палтиаг Хелец; Икешы фырт Ира, текоайаг; 27анатотаг Авиезер; хушайаг Мевуннай; 28Цалмон, Ахохийы мыггагæй; нетофаг Махрай; 29Баанайы фырт Хелев, нетофаг; Ривайы фырт Итай — Бениамины Гевæйæ; 30пиратонаг Бенайа; Хидай — Нахале-Гаашæй; 31арватаг Авиалвон; бахуримаг Азмавет; 32шаалвонаг Елйахба; Йашены фырттæ; Йонатан; 33харараг Шамма; арараг Шарары фырт Ахиам; 34маахайаг Ахасбайы фырт Елифелет; гилойаг Ахитофелы фырт Елиам; 35кармелаг Хецро; арбитаг Паарай; 36цовайаг Натаны фырт Игал; Гады байзæддаг Бани; 37аммонаг Целек; бееротаг Нахрай, Церуайы фырт Йоавы хотыхдар; 38итриаг Ира; итриаг Гарев; 39хеттаг Уриа. Æдæппæтæй уыдысты æвддæс æмæ ссæдз.

**24** Дунедарæджы маст та ссыгъди израилæгтæм æмæ сын Давиды сæ ныхмæ сардыдта. Загъта йын: «Цу æмæ банымай Израил æмæ Иудæйы».

2Паддзах бафæдзæхста Йоавæн, йе ’фсады хицауæн: «Данæй Беер-Шевæйы онг Израилы æппæт хæдзарвæндæгтыл æрзилут æмæ адæмы сфыссут, цæмæй мæ адæмы нымæц зонон». 3Йоав паддзахæн загъта: «Адæм цас сты, сæдæ ахæмы ма сыл бафтауæд Дунедарæг, дæ Хуыцау, æмæ уый паддзах, мæ бардарæг, йæхи цæстæй фенæд. Фæлæ уæддæр паддзахы, мæ бардарæджы, афтæ бакæнын цæмæн бафæндыд?»

4Паддзах цæхгæр ныллæууыд, æмæ Йоав æмæ иннæ æфсады хицæуттæ араст сты Израилы адæмы сфыссынмæ. 5Бахызтысты Иорданыл æмæ райдыдтой Ароерæй, стæй Арноны тæрфы тæккæ уæлбыл сахарæй, æмæ араст сты Гады зæхмæ æмæ Йазеры сахармæ. 6Уый фæстæ араст кодтой Галаадмæ, стæй та Тахтим-Ходшейы зæхмæ, бахæццæ сты Дан-Йаанмæ. Уырдыгæй баздæхтысты Сидоны ’рдæм, 7стæй ацыдысты Тиры фидармæ, дарддæр та хиввæгты æмæ ханаанæгты æппæт сахартæм; æппынфæстаг ахæццæ сты хуссар Иудеймæ, Беер-Шевæйы сахармæ. 8Афтæмæй æрзылдысты æппæт бæстæйыл æмæ фараст мæйы æмæ ссæдз боны фæстæ æрбаздæхтысты Йерусалиммæ.

9Йоав адæмы сфысты хыгъд паддзахмæ радта. Израилæгтæм кардæй хæцынхъом лæгтæ разынди астсæдæ мины, иудейæгтæм та — фондзсæдæ мины.

10Фæлæ адæмы банымайыны фæстæ Давидæн йæ зæрдæ йæхиуыл æрхудти æмæ Дунедарæгæн загъта: «Тынг фæтæригъæдджын дæн, ахæм æнæрхъуыды ми кæй бакодтон, уый тыххæй æмæ Дæ курын, ныббар Дæ цагъарæн йæ тæригъæд».

11Дыккаг райсом, Давид йæ уатæй нæма сыстад, афтæ Дунедарæг раргом ис Гад-пехуымпармæ, Давиды зонынджынмæ: 12«Цу æмæ зæгъ Давидæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг: Æз дын æртæ хуызы æфхæрд æрцæттæ кодтон, æмæ дæхæдæг равзар, кæцыйы амæттаг дæ бакæнон, уый“».

13Гад бацыди Давидмæ æмæ йын загъта: «Равзар, цы дæ фæнды, уый: дæ бæстæн æртæ стонг азы? Æви æртæ мæйы дæргъы де знæгтæ дæ фæдыл зилой æмæ сæ дæхи æмбæхсай? Æви æртæ боны дæргъы емынæ сыста дæ бæстæйыл? Ахъуыды кæн, Чи мæ æрбарвыста, уымæн цы дзуапп раттон, уыл».

14Давид Гадæн загъта: «Тынг уæззау уавæры дæн, фæлæ, адæмы къухмæ бахауыны фæлтау уадз æмæ Дунедарæджы къухмæ бахауæм, — Уый бирæбараг у».

15Дунедарæг израилæгтыл емынæ бафтыдта — уыцы райсом сыл сыстад æмæ нысангонд афонмæ не ’рсабыр; Данæй Беер-Шевæмæ æвдай мин адæймаджы бабын ис. 16Мæлæтхæссæг зæд йæ къух Йерусалим фесафынмæ куы систа, уæд Дунедарæг фæтæригъæд кодта сахарæн, нал Æй бафæндыди бæллæх æруадзын. Зæдæн загъта: «Æгъгъæд фæуæд! Æруадз дæ къух». Уыцы

уысм мæлæтхæссæг зæд уыди йевусаг Ор-
найы мусы сæрмæ.

17Давид мæлæтхæссæг зæды куы федта,
уæд Дунедарæгæн загъта: «Тæригъæды æз
куы бацыдтæн, фыдракæнд æз куы сарæзтон,
уæд ацы фыстæ та цы аххосджын сты? Дæ
азар ныххуырс мæныл æмæ мæ бинонтыл».

18Уыцы бон Гад бацыди Давидмæ æмæ
йын загъта: «Цу æмæ йевусаг Орнайы мусы
Дунедарæгæн нывондхæссæн сараз». 19Давид,
Дунедарæджы фæдзæхстмæ гæсгæ йын Гад
куыд загъта, афтæ бакодта — ссыди мусмæ.

20Орна паддзах æмæ йæ дæлдæрты æрба-
цæйцæугæ куы федта, уæд сæ размæ рацыд
æмæ паддзахы раз зæххыл ныддæлгом ис.
21Загъта йын: «Цæй фæдыл саккаг кодта
мæ бардарæг паддзах йæ цагъармæ æрба-
цæуын?» Давид ын дзуапп радта: «Дæ мус
балхæнынмæ. Цæмæй ам Дунедарæгæн ны-
вондхæссæн саразон, æмæ адæм фыд азары
амæттаг мауал кæной».

22Орнайы дзуапп уыди Давидæн: «Цыдæ-
риддæр æй фæнды, уый айсæд мæ бардарæг
паддзах æмæ æрхæссæд йæ зæрдæйы фæн-
диаг нывонд. Ииуылсудзинагæн — мæнæ
галтæ, сугæн та — найгæнæн дзоныгътæ
æмæ галты æфсондз. 23Иууылдæр сæ лæвар
дæттын мæ паддзахæн». Орна ма йын но-
джы загъта: «Йæ арфæйы аккаг дæ скæнæд
Дунедарæг, дæ Хуыцау!»

24Фæлæ паддзах Орнайæн загъта: «Нæ, се
'ххæст аргъæй сæ хъуамæ балхæнон æнæ-
мæнг. Дунедарæгæн, мæ Хуыцауæн, иу-
уылсудзинаг нывæндтæ, лæвар цы райсон,
уымæй не 'рхæсдзынæн». Уыйадыл æвзисты
дæс æмæ дыууиссæдз шекелæй балхæд-
та Давид мус æмæ галтæ. 25Дунедарæгæн
уым сарæзта нывондхæссæн æмæ æрхаста
иууылсудзинаг нывæндтæ æмæ фидыды
нывæндтæ. Дунедарæг фæтæригъæд кодта
бæстæйæн, æмæ израилæгтæ Хуыцауы фыд
азарæй фервæзтысты.

## Æртыккаг чиныг

# Паддзахæдтæ

Ацы чиныджы дарддæр ныхас цæуы Израилы адæмы ахастдзинæдтыл Хуыцаумæ. Ис дзы бирæ паддзæхты кой, æмæ уымæ гæсгæ дзуттаг традицийы ацы чиныг, йæ фæстæ цы чиныг цæуы, уыимæ иумæ хонынц «Паддзæхты чингуытæ». Чиныджы хронологи байуарæн ис æртæ сæйраг хайыл: 1) паддзахдзинад Давидæй йæ фырт Соломоны къухмæ ралæвæрд (1–2 сæртæ); 2) Соломоны хицаудзинад æмæ йе 'нтыстытæ (3–11 сæртæ). Чиныджы ацы хайы уæлдай æргом здæхт цæуы Хуыцауы аргъуаны арæзтадмæ Йерусалимы (5–8 сæртæ); 3) Израил дыууæ паддзахадыл дихгонд куыд æрцыд: Израил — цæгаты, Иудей — хуссары, æмæ сæ паддзæхты разамынд Чырыстийы райгуырды агъоммæ IX æнусы (12–22 сæртæ).

Автор алы хицауæн дæр аргъ кæны, Хуыцауыл цас иузæрдион у, уымæ гæсгæ.

Паддзах æрмæст Хуыцаумæ зæрдиагæй куы фæкувы æмæ Йæ коммæ куы фæкæсы, уæд паддзахад вæййы фæрныг. Фæлæ паддзах гуымирытæм кувын куы райдайы æмæ Хуыцауы æгъдау куынæуал феххæст кæны, уæд ралæууы фыд рæстæг.

Паддзæхтæй уæлдай, чиныджы ахсджиаг бынат ахсынц Хуыцауы пехуымпартæ. Уыдон адæмæн хъусын кодтой Хуыцауы фæндон, стæй зæрдиагæй архайдтой ууыл, цæмæй адæм сæ Хуыцаумæ фæстæмæ раздæхой. Хуыцауы пехуымпарты æхсæн тæккæ зынгæдæр уыдис Илийа, æмæ паддзæхты нæ, фæлæ уый ис нымайæн ацы чиныджы фæстаг хайы сæйраг хъайтарыл.

---

**1** Паддзах Давид тынг базæронд ис, æмæ-иу
æй цыфæнды хъарм куы стыхтой, уæддæр
йæ зæронд стджытæ нал тæфстысты, 2æмæ
йын йæ дæлдæртæ загътой: «Фарн дæм бадзурæд,
нæ хицау, нæ паддзах, бар нын ратт
æмæ дын, чи дæм зила æмæ дын чи лæггад
кæна, иу ахæм æрыгон чызг бацагурæм. Дæ
хъæбысы хуысдзæн æмæ нын нæ хицау, нæ
паддзахы бахъарм кæндзæн».
3Израилы къуымты зилын байдыдтой
рæсугъд чызг агурæг. Шунемы сахары йыл
фæхæст сты — Авишаг, зæгъгæ, йæ ном —
æмæ йæ æрбалæууын кодтой паддзахмæ.
4Чызг уыдис æмбисонды рæсугъд. Давидмæ
зылди, лæггад ын кодта, фæлæ паддзах æмуат
никуы æрцыд йемæ.
5Уыцы заман Хагиты лæппу Адониа йæхи-
уыл тынг фервæссыд, паддзах суыдзынæн,
зæгъгæ, æнхъæлдта. Уый самал кодта паддзахы
уæрдон, баххуырста барджытæ, стæй дæс
æмæ дыууиссæдз фæсдзæуины. 6Йæ фыд ын
уайдзæф дæр никуы бакодта, цæмæн афтæ
кæныс, зæгъгæ. Адониа хæрзконд лæппу уыд,
саджы фисынтыл амад кæмæй фæзæгъынц,
ахæм. Давидæн райгуырди Авессаломы фæстæ.
7Адониа баныхас кодта Церуайы фырт
Йоав æмæ сауджын Авиафаримæ, æмæ йæ
цæдисонтæ систы. 8Æрмæст сауджын Цадок,
Йеходайы фырт Бенайа, пехуымпар Натан,
Шими, Реи, стæй Давиды æхсарджынтæ
Адониайы фарс нæ рахæцыдысты.
9Иу бон Адониа Ен-Рогелы донгуырæнмæ
æвваxс, Зохелеты дур, зæгъгæ, уыцы бæрæг
бынаты цур скодта куывд. Аргæвдын кодта
фыстæ, стуртæ æмæ хæрзхаст уæнгуытæ
æмæ фæхуыдта йе 'ппæт æфсымæрты дæр,
паддзахы фыртты, стæй, иудейæгтæй паддзахы
кæрты чи лæггад кодта, уыдон. 10Æрмæст
пехуымпар Натаны, Бенайайы, Давиды
æхсарджынты æмæ йе 'фсымæр Соломоны
нæ фæхуыдта.
11Пехуымпар Натан Соломоны мад Вир-
савимæ бацыд æмæ йæ бафарста: «Хагиты
лæппу Адониа нæ хицау Давиды æвастæй
паддзах кæй сси, уыцы хабар нæ фехъуыстай?
12Цы дын зæгъон, уый бакæн æмæ ма
бабын уай дæхæдæг дæр æмæ дæ фырт Со-
ломон дæр. 13Паддзах Давидмæ æвæстиатæй
бацу æмæ йæ бафæрс: „О мæ сæрыхицау, мæ
паддзах! Ард мын куы бахордтай, дæ фырт
Соломон сбаддзæни мæ фæстæ мæ паддзахы

**1:1** Паддзæхты чингуытæ — афтæ хуыйынц дзуттагау, рагон бердзенаг тæлмацы та — Паддзахæдты æртыккаг чиныг æмæ Паддзахæдты цыппæрæм чиныг.

бадæны, зæгъгæ, уæд ныр Адониа цæмæн спаддзах?“ 14Йемæ ма ныхас кæндзынæ, афтæ уæм æз дæр мидæмæ бацæудзынæн æмæ дын дæ ныхас айсдзынæн».

15Вирсави бацыди паддзахы уатмæ. Паддзах бынтондæр базæронд ис, уым ын шунемаг Авишаг кодта лæггад. 16Вирсави ныллæг бакуывта паддзахæн, æмæ йæ уый бафарста: «Цы дæ хъæуы?» 17«Мæ сæрыхицау, мæ паддзах! — дзуапп ын радта уый. — Айразмæ мын дæ Хуыцауæй, Дунедарæгæй, ард бахордтай, дæ фырт Соломон сбаддзæни мæ фæстæ мæ къæлæтджыны, зæгъгæ. 18Фæлæ ныр де ’вастæй, зонгæ дæр æй нæ бакодтай, афтæмæй спаддзах ис Адониа. 19Бирæ галтæ, хæрзхаст уæнгуытæ æмæ фыстæ акусарт кодта æмæ дын йæ куывдмæ фæхуыдта де ’ппæт фыртты дæр, стæй сауджын Авиафар æмæ æфсады хицау Йоавы, æрмæст дын дæ фырт Соломоны нæ фæхуыдта. 20Гъемæ ныр æппæт Израилы адæмæн дæр дæумæ у сæ каст, мæ сæрыхицау, мæ паддзах, æмæ сын фехъусын кæн, дæ фæстæ дæ къæлæтджыны чи хъуамæ сбада, уый тыххæй. 21Науæд, мæ паддзах йæ фыдæлты фарсмæ куы æрхуысса, уæд æз мæ фырт Соломонимæ фыдгæнджытыл нымад æрцæудзыстæм».

22-23Вирсави йæ ныхас нæма фæци, афтæ æрбахызт пехуымпар Натан. Паддзахæн фехъусын кодтой: «Пехуымпар Натан ам ис». Уæд уый паддзахы размæ бацыд æмæ йын зæххы онг æркуывта. 24Натан загъта:

«Мæ хицау æмæ мæ паддзах! Ды, мыййаг, афтæ загътай, мæ фæстæ паддзахиуæг кæндзæн Адониа æмæ мæ паддзахы бадæны æрбаддзæн, зæгъгæ? 25Абон уый ацыд æмæ бирæ кусæрттæгтæ аргæвста: галтæ, хæрзхаст уæнгуытæ æмæ фыстæ. Йæ куывдмæ дын де ’ппæт фыртты дæр фæхуыдта, стæй æфсады хицау Йоавы æмæ сауджын Авиафары. Уым иууылдæр цæл кæнынц, нуазынц æмæ сидынц: „Æгас цæуæд паддзах Адониа!“ 26Æрмæст Адониа нæ фæхуыдта мæн — дæ лæггадгæнæджы, стæй сауджын Цадокы, Йеходайы фырт Бенайайы æмæ дæ фырт Соломоны. 27Дæу фæндæй æрцыдаид ацы хъуыддаг æви нæ, мæ паддзах? Стæй йæ дæ иузæрдион цагъарæй куыд басусæг кодтай, дæ фæстæ дæ къæлæтджыны чи хъуамæ сбада, уый ном?»

28Паддзах Давид загъта: «Фæдзурут-ма мын Вирсавимæ!» Уый æрбацыд æмæ паддзахы раз æрлæууыд. 29Паддзах расомы кодта:

«Сомы кæнын Дунедарæгæй, алы фыдбылызæй дæр-иу мæ Чи фервæзын кодта, Уымæй! 30Амæй размæ дын Дунедарæгæй, Израилы Хуыцауæй, куыд расомы кодтон, мæ фæстæ дæ фырт Соломон сбаддзæни мæ къæлæтджыны, зæгъгæ, афтæ абон сæххæст кæндзынæн мæ дзырд».

31Вирсави зæххы онг æркуывта паддзахæн æмæ загъта: «Мæ сæрыхицау, мæ паддзах Давид, цæр æнусмæ!»

32Паддзах Давид бардзырд радта, цæмæй йæм иумæ æрæмбырд уой сауджын Цадок, пехуымпар Натан æмæ Йеходайы фырт Бенайа. Уыдон æрлæууыдысты паддзахы раз, 33æмæ сын уый бафæдзæхста: «Мæ фырт Соломоны мын мæ хæргæфсыл абадын кæнут æмæ, мæ лæггадгæнджытæ дæр уемæ, афтæмæй йæ Гихоны доны онг бахæццæ кæнут. 34Уым æй сауджын Цадок æмæ пехуымпар Натан байсæрдæнт, цæмæй суа Израилы паддзах. Уæд-иу сыкъауадындзтæй ныууасут æмæ ныхъхъæр кæнут: „Æгас цæуæд паддзах Соломон!“ 35Уый фæстæ йæ фæстæмæ ардæм æрбакæнут æмæ йæ сбадын кæнут мæ къæлæтджыны. Нырæй фæстæмæ Соломон уыдзæни уæ паддзах мæ бæсты. Æз бафæдзæхстон уымæн, цæмæй Израил æмæ Иудейы адæмæн суа сæ фæтæг».

36Йеходайы фырт Бенайа паддзахæн загъта:

— Аммен, мæ паддзах! Дæ ныхас дын ныффидар кæнæд Дунедарæг, дæ Хуыцау! 37Дунедарæг Хуыцау мæ паддзахыл куыд аудыдта, афтæ аудæд Соломоныл дæр æмæ йын йæ къæлæтджын мæ паддзах Давиды къæлæтджынæй ноджы кадджындæр скæнæд!

38Сауджын Цадок, пехуымпар Натан æмæ Йеходайы фырт Бенайа, стæй керетæгтæ æмæ пелетæгтæ ацыдысты, Соломоны паддзах Давиды хæргæфсыл сбадын кодтой æмæ йæ акодтой Гихонмæ. 39Цадок æрбахаста Цатырæй оливæйы сойы сыкъа æмæ Соломоны байсæрста. Уый фæстæ сыкъауадындзтæй ныууасыдысты, æмæ адæм æмдзыхæй ныхъхъæр кодтой: «Æгас цæуæд паддзах Соломон!» 40Æмæ адæм иууылдæр Соломоны фæдыл рацыдысты; уадындзтæй цагътой, сæ цины хъæртæ афтæ тынг азæлыдысты, æмæ-иу зæхх сæнкъуысти.

41Адониа æмæ йæ уазджытæн сæ бадт кæронмæ куы ахæццæ, раст уыцы рæстæг сæ хъустыл цины уынæр ауади. Йоав куыддæр сыкъауадындзы уасын айхъуыста, афтæ афарста: «Цымæ уый цæй хъæрахст цæуы сахары ’рдыгæй?» 42Йоав йæ ныхас нæма фæци, афтæ æрбацыди сауджын Авиафары фырт Йонатан. Адониа йæм дзуры:

«Рахиз мидæмæ, ды æууæнкджын лæг дæ
æмæ хорз хабархæссæг уыдзынæ». 43Йона-
тан ын загъта: «Нæ уыдзынæн! Нæ паддзах
Давид йæ паддзахдзинад Соломонæн радта.
44-45Йæ хæргæфсыл æй сбадын кæнын кодта
æмæ йын йемæ Гихоны доны онг арвыста
сауджын Цадокы, пехуымпар Натаны, Йе-
ходайы фырт Бенайайы, стæй керетæгтæ
æмæ пелетæгты. Уым æй сауджын Цадок
æмæ пехуымпар Натан байсæрстой, æмæ
сси нæ паддзах. Уæд уырдыгæй цингæнгæ
рараст сты фæстæмæ, æмæ сахар æмызмæлд
сси. Ныр дæр уыцы уынæр уайы уæ хъус-
тыл. 46Ныридæгæн йæ паддзахы бадæны
сбадти Соломон. 47Паддзах Давидмæ та йæ
дæлдæртæ бацыдысты æмæ йын арфæтæ
кæнынц: „Хуыцау дын дæ номæй ноджы
кадджындæр скæнæд Соломоны ном, дæ
паддзахы бадæнæй йын ноджы цытджын-
дæр скæнæд йæ бадæн!“ Æмæ Давид рабадти
йæ сынтæджы, акуывта йæ сæрæй 48æмæ
загъта: „Арфæгонд у Дунедарæг, Израилы
Хуыцау! Абон Йæ хорзæхæй мæ паддзахы
бадæны ног паддзах сбадти, æмæ æз уый
мæхи цæстæй уынын“».

49Уыдæттæ фехъусгæйæ, Адониайы уаз-
джытæ фыр тæссæй сæ бынæттæй фæгæп-
пытæ ластой æмæ алырдæмты фæлыгъ-
дысты. 50Адониа йæхæдæг дæр фæтарсти
Соломонæй æмæ ацыд æмæ нывондхæссæны
сыкъатыл йæ къухтæй ныххæцыд. 51Соло-
монмæ фæхабар кодтой: «Адониа дæ тæрсы
æмæ йæ къухтæй нывондхæссæны сыкъатыл
ныххæцыд æмæ зæгъы: „Соломон уал мын
ард бахæрæд, йæ цагъары карды амæттаг
кæй нæ бакæндзæн!“». 52Соломон загъта:
«Кæд æууæнкджын лæг разына, уæд йæ сæ-
рæй иу æрду дæр не ’рхаудзæн. Намæ дзы
фыдвæнды хабар райхъуысти, зæгъгæ, уæд
амæлдзæн».

53Паддзах Соломон арвыста Адониамæ
æмæ йæ нывондхæссæны цурæй йæхимæ
æрбакæнын кодта. Уый йын ныллæг акуывта
йæ сæрæй, æмæ йын паддзах загъта: «Дæ
хæдзармæ ацæуыны бар дын ис».

**2** Давид мæлыны къахыл ныллæууыд æмæ
йæ фырт Соломонæн бафæдзæхста: 2«Алы
зæххонау ныр æз дæр цæуинаг дæн мæ фæс-
таг балцы. Æмæ дын фæдзæхсын, фидар
лæуу, дæ лæгдзинад макуы фесаф! 3Ма рох
кæн Дунедарæджы, дæ Хуыцауы, домæн-
тæ, Йæ амынд фæндæгтыл цу. Æххæст Ын
кæн Йæ уагæвæрдтæ, Йæ фæдзæхстытæ, Йæ
амындтытæ æмæ Йæ уынаффæтæ, Моисейы
Æгъдауы куыд фыст ис, афтæ. Уæд дын фадат
фæуыдзæни, цæмæй дæ къухы æфтой алы
хъуыддаг, алы фæнд дæр. 4Уæд Дунедарæг
сæххæст кæндзæн, зæрдæ мын цæмæй ба-
вæрдта, уый: „Дæ фырттæ раст фæндагыл
куы цæуой, Мæ сæраппонд сæ уд, сæ зæрдæ
рæстаг хъуыддæгтæ кæныныл куы хъарой,
уæд дæ байзæддæгтæ мыггагмæ дæр бад-
дзысты Израилы паддзахы бадæны“. 5Ноджы
ма дын зæгъын, — дзырдта дарддæр Давид, —
дæ зæрдыл дар, иу хатт мын Церуайы фырт
Йоав цы бакуыста, Израилы æфсады дыууæ
фæтæджы — Неры фырт Авнеры æмæ Йе-
теры фырт Амасайы — куыд амардта, уый.
Фидыды заман ныккалдта туг, цыма хæсты
заман уыд, афтæ æмæ уыцы тугæй самæста
йæ рон æмæ йæ къахыдарæс — фæчъизи
кодта йæ хæстон намыс. 6Ды куырыхон лæг
дæ æмæ йын, цы ’мбæлы, уый бакæн, йæ урс
сæр ын мæрдтыбæстæм, йæхи мæлæтæй
амæлгæйæ, ма бауадз. 7Æрмæст-иу галаадаг
Барзиллайы фырттæм хæлар цæстæй ракæс.
Демæ æмвынг чи уа, уыдоны ’хсæн сын бы-
нат уæд. Уымæн æмæ, кæддæр де ’фсымæр
Авессаломæй куы алыгътæн, уæд уыдон
сæрбахъуыды рæстæг мæ уæлхъус æрба-
лæууыдысты. 8Бахуримы сахарæй дæр ма
ис иу лæг — Герайы фырт Шими, Бениамины
байзæддаг. Авессаломы заман Маханаимы
’рдæм куы лыгътæн, уæд мæ тынг æлгъыста.
Фæлæ фæстæдæр фæсмонгондæй Иорданы
былмæ мæ размæ рацыд, æмæ йын æз Дуне-
дарæгæй ард бахордтон, нæ дæ амардзынæн,
зæгъгæ. 9Фæлæ ды куырыхон лæг дæ, æмæ
йæ æнæ бафхæргæ ма ныууадз. Ныр цы зæры
кармæ бацыд, уымæй дарддæр мауал фæ-
цæрæд, йæ туг ныккæлæд æмæ амæлæд».

10Давид ацы ныхæстæ куы ракодта, уый
фæстæ бирæ нал ацард. Куы амарди, уæд æй
баныгæдтой Давиды сахары. 11Дыууиссæдз
азы Давид уыди Израилы паддзах: авд азы
паддзахиуæг фæкодта Хевроны, æртындæс
æмæ ссæдз азы та — Йерусалимы.

12Ныр йæ фыд Давиды паддзахы бадæны
сбадти Соломон. Йæ паддзахдзинад тынг
фидар сси, йæ ныхмæ фæлæууын никæй
бон уыд.

13Иуахæмы Соломоны мад Вирсавимæ æр-
бацыди Хагиты лæппу Адониа. Вирсави йæ
фæрсы: «Фарнимæ æрбацыдтæ?» Уый загъта:
«Фарнимæ. 14Хъуыддаг мæ ис дæумæ». —
«Зæгъ æй!» — дзуапп ын радта Вирсави.

15Адониа загъта: «Паддзахдзинад мæн хъу-
амæ уыдаид, уый зоныс. Израилы адæм мæм
иууылдæр се ’ргом раздæхтой, мæнæ нæ ног

паддзах, зæгъгæ. Хъыгагæн, паддзахдзинад
мæ къухы нæ бафтыд, Дунедарæджы фæн-
дæй ме ’фсымæры хай баци. 16Фæлæ мæм
ныр иу курдиат ис дæумæ, æмæ мыл дæхи
ма атигъ кæн». — «Дзургæ кæн!» 17Адониа
загъта: «Дæ хорзæхæй, паддзах Соломонæн
бакой кæн, æмæ мын шунемаг Авишагы
раттæд усæн. Дæ ныхасыл дын дыууæ нæ
зæгъдзæн». 18Вирсави йын дзуапп радта:
«Хорз, дæ курдиат дын паддзахмæ фæхæц-
цæ кæндзынæн».

19Æмæ Вирсави Адониайы тыххæй паддзах
Соломонмæ бацыд. Паддзах ын фестад, ныл-
лæг ын акуывта йæ сæрæй æмæ фæстæмæ
йæ бадæны сбадти. Уæд паддзахы мадæн
дæр æрæвæрдтой бадæн. Уый Соломоны
рахизфарс сбадти æмæ загъта: 20«Иу чысыл
курдиат мæм ис, æмæ мын „нæ“ ма зæгъ».
Паддзах ын дзуапп радта: «Зæгъ дæ курдиат,
мæ мад, æз дæ зæрдæхудты нæ бацæудзы-
нæн». 21Вирсави загъта: «Де ’фсымæр Адониа
шунемаг Авишагы куры, æмæ йын æй ратт».
22Паддзах Соломон йæ мадæн дзуапп радта:
«Куыд? Цæмæн курыс Адониайæн шунемаг
Авишагы? Æххæст ма йын уæд паддзахы
бадæн дæр ракур, уымæн æмæ мæ хистæр
æфсымæр у, стæй сауджын Авиафар дæр
æмæ Церуайы фырт Йоав дæр йæ фарс сты!»
23Æмæ паддзах Соломон сомы ракодта Ду-
недарæгæй: «Афтæтæ æмæ уфтæтæ, стæй
мын ноджы фыддæртæ бакæнæд Хуыцау,
Адониа йæ уыцы курдиаты тыххæй мард
æрцæудзæн! 24Сомы кæнын Дунедарæгæй,
мæ фыд Давиды паддзахы бадæны мæ Чи
сбадын кодта æмæ, зæрдæ куыд бавæрдта,
афтæ мын мæ мыггаг чи сбæрзонд кодта,
Уымæй: тæккæ ацы бон Адониа амæлдзæн».
25Паддзах Соломон æм арвыста Йеходайы
фырт Бенайайы, æмæ йæ уый амардта.

26Паддзах сауджын Авиафарæн загъта:
«Цæугæ Анатотмæ, дæ зæххы хаймæ, æмæ
уым цæр! Маринаг дæ, фæлæ дын, мæ фыд
Давиды сæр нымайгæйæ, абон хатыр кæ-
нын. Уымæн æмæ кæддæр мæ фыды разæй
хастай Дунедарæг Хуыцауы Фидыды Чырын,
ноджы ма мæ фыдимæ æппæт зындзинæд-
тæ æвзæрстай».

27Соломон Авиафары æнæхай фæкодта йæ
сауджыны куыстæй, æмæ афтæмæй сæххæст
ис, кæддæр Дунедарæг Силомы сахары Ели-
айы хæдзарвæндаджы тыххæй цы загъта,
уый. 28Уыцы хабар Йоавы хъустыл æруад.
Амæй размæ уый Авессаломы фарсхæцæг
нæ уыд, фæлæ фæстæдæр Адониайы фарс
рахæцыд. Уымæ гæсгæ ныр Дунедарæджы
цатырмæ алыгъд æмæ уым нывондхæссæны
сыкъатыл йæ къухтæй ныддæвдæг. 29Пад-
дзах Соломонмæ фæхабар кодтой, Йоав, дам,
Дунедарæджы цатырмæ алыгъд æмæ уым
нывондхæссæны раз лæууы. Соломон æм ар-
выста Йеходайы фырт Бенайайы, цу æмæ йæ
амар, зæгъгæ. 30Бенайа йæм Дунедарæджы
цатырмæ фæцыд æмæ йæм бахъæр кодта:
«Æддæмæ рацу! Паддзах радта бардзырд!»
Йоав загъта: «Нæ рацæудзынæн. Уадз æмæ
ам амæлон».

Бенайа фæстæмæ паддзахмæ аздæхт æмæ
йын фехъусын кодта Йоавы дзуапп. 31Пад-
дзах ын загъта: «Гъемæ йæхи дзыхæй цы
куры, уый йын бакæн. Амар æй æмæ йæ
баныгæн. Æмæ дзы афтæмæй райс, Йоав
кæй ныккалдта, уыцы æнаххос туг, цæмæй
уыцы туджы азар мæныл æмæ мæ фыды
хæдзарыл æфтыд ма фæуа. 32Йæ азым ын
Дунедарæг сæвæрæд йæхиуыл, уымæн æмæ
мæ фыды æвастæй карды амæттаг бакодта
йæхицæй рæстагдæр æмæ хуыздæр дыууæ
лæджы: Неры фырт Авнеры — Израилы æф-
сады хицауы æмæ Йетеры фырт Амасайы —
Иудейы æфсады хицауы. 33Уыдоны туджы
азар баййафæд Йоавæн йæхи сæр дæр æмæ
йæ байзæддæгты сæр дæр мыггагмæ. Давид
æмæ йæ байзæддæгтæн та — йæ байзæддаг
паддзæхты хæдзарвæндагæн — Дунедарæг
мыггагмæ фарн балæвар кæнæд!»

34Æмæ Йеходайы фырт Бенайа ногæй ацыд
Йоавмæ, амардта йæ æмæ йæ баныгæдта йæ
фыдыуæзæгыл, æдзæрæг ран. 35Паддзах
Соломон та æфсады хицауæй сæвæрдта Йе-
ходайы фырт Бенайайы — Йоавы бæсты, сау-
джын та скодта Цадокы — Авиафары бæсты.

36Уыдæтты фæстæ иуахæмы паддзах фæ-
дзурын кодта Шимимæ æмæ йын бафæ-
дзæхста: «Йерусалимы дæхицæн хæдзар
скæн æмæ дзы æрцæр, æмæ сахарæй макуы
макæдæм равæр дæ къах. 37Искуы искæцы-
рдæм рабалц кодтай, намæ Кедроны тæрфыл
бахызтæ, зæгъгæ, уæд дæ гуырæй райгæ у,
уымæн æмæ тæккæ уыцы бон дæ мæлæт
æрцыд». 38— «Хорз, — загъта Шими, — æз дæ
цагъар дæн, мæ паддзах мын куыддæрид-
дæр зæгъа, афтæ бакæндзынæн».

Æмæ æртæ азы дæргъы Шими йæ къах дæр
никуыдæм равæрдта Йерусалимæй. 39Стæй
дын иуахæмы рацæй-рабон, æмæ йæ дыууæ
цагъары фæлыгъдысты Гаты паддзахмæ, Ма-
ахайы фырт Ахишмæ. Уыцы хабар Шимийæн
фехъусын кодтой, 40æмæ уый йæ хæрæгыл
саргъ авæрдта, Ахиш-паддзахмæ Гаты са-
хармæ йæ цагъарты агурæг араст æмæ сæ

уырдыгæй фæстæмæ æрбакодта. 41Шими Йерусалимæй Гатмæ кæй ацыд æмæ фæстæмæ кæй æрбаздæхт, уый Соломонæн фехъусын кодтой. 42Паддзах Шимимæ фæдзырдта æмæ йын загъта: «Æз дын афтæ нæ дзырдтон, искæцырдæм цы бон акъахдзæф кæнай, тæккæ уыцы бон дæ мæлæт ссардзынæ, зæгъгæ? Дунедарæгæй дын ард нæ бахæрын кодтон, æмæ мын афтæ нæ загътай, хорз, алцыдæр бамбæрстон, зæгъгæ? 43Дунедарæджы раз дæ ардбахæрд цæмæн фæсайдтай æмæ мын мæ фæдзæхст цæуылнæ сæххæст кодтай?»

44Ноджы ма паддзах загъта Шимийæн: «Тынг дзæбæх æй зоныс, мæ фыд Давидæн цы фыдми сарæзтай, уый, æмæ дын Дунедарæг дæ фыдæхы азар дæхи сæрыл æрцæуын кæнæд! 45Паддзах Соломон та арфæгонд уæд, Давиды къæлæтджын мыггагмæ дæр æнæфæцудгæ лæууæд Дунедарæджы раз!»

46Æмæ паддзах Йеходайы фырт Бенайайæн бафæдзæхста Шимийы амарын. Уый йæм бацыд æмæ йæ амардта.

Гъе афтæ сфидар ис Соломоны паддзахдзинад.

**3** Соломон хæстæгдзинад бакодта фараонимæ, Мысыры паддзахимæ. Йæ чызджы йын ракуырдта æмæ уал æй æрбакодта Давиды сахармæ, уымæн æмæ нырма йæхи галуан, Дунедарæджы Кувæндон æмæ Йерусалимы алыварс систæ дæр амад нæма уыдысты. 2Кувæндон арæзт кæй нæма уыд, уымæ гæсгæ адæм Дунедарæджы номыл кусæрттæ кодтой кувæн къуыбыртыл. 3Соломон уарзта Дунедарæджы æмæ æххæст кодта йæ фыд Давиды фæдзæхстытæ. Æцæг уый дæр кувæн къуыбыртыл кусæрттæ кодта æмæ буд сыгъта.

4Иуахæмы паддзах ацыди Гивонмæ кусæрттæ кæнынмæ, уымæн æмæ бæстæйы сæйраг кувæн къуыбыр уым уыди. Уыцы ран, Гивоны нывондхæссæныл, Соломон æрхаста мин нывонды — иууылсудзинæгтæ. 5Гивоны йæм уыцы æхсæв Дунедарæг фыны раргом ис æмæ йын загъта: «Дæ зæрдæ цыдæриддæр зæгъы, уый Мæ ракур!»

6Соломон загъта: «Ды Де стыр хорзæхты аккаг скодтай мæ фыд Давиды, Дæ цагъары, кад æмæ радæй Дын кæй лæггад кодта æмæ Дыл йæ зæрдæ кæй никуы сивта, уый тыххæй. Дæ хорзæх æй ис абон дæр, æмæ йын йæ паддзахы бадæны æрбадын кодтай йæ фырты. 7О Дунедарæг, мæ Хуыцау, мæ фыд Давиды бæсты ныр мæнæ Дæ цагъары паддзах скодтай, фæлæ æз æвзонг æмæ æвæлтæрд дæн, хъуыддагæн ницыма зонын. 8Дæ лæггадгæнæджы æвджид бакодтай Де ’взæрст адæмы; банымайæн дæр сын нæй, æнæнымæц сты. 9Уæдæ ратт мæнæн, дæ цагъарæн, æмбаргæ зæрдæ, цæмæй мæ бон уа Дæ адæмæн тæрхон кæнын æмæ хорз æмæ æвзæр кæрæдзийæ иртасын. Æнæ уымæй чи бафæраздзæн ацы стыр адæмæн уаг æрæвæрын?»

10Дунедарæджы зæрдæмæ фæцыди Соломоны курдиат, 11æмæ йын загъта: «Дæхицæн Мæ бирæ цæрæнбон æмæ исбон кæй нæ бацагуырдтай, дæ фыдгулты мæлæтмæ дæр кæй нæ бабæллыдтæ, фæлæ Мæ æмбаргæ зæрдæ кæй ракуырдтай, цæмæй дæ бон адæмæн тæрхон кæнын уа, 12уый тыххæй дын æххæст кæнын дæ курдиат. Дæттын дын æмбаргæ зæрдæ æмæ куырыхон зонд; дæ размæ чи уыд, уыдоны ’хсæн демæ абарæн дæр никæй ис, æмæ дæ фæстæ дæр дæуæн æмбал нæ уыдзæн. 13Ноджы ма дын дæттын, цы нæ Мæ бацагуырдтай, уыдон дæр: исбон æмæ кад, цæрæнбонты дæ ном, дæ кадæн дæр æмбал нæ уыдзæни паддзæхты ’хсæн. 14Æмæ дæ фыд Давидау Мæ рард фæндæгтыл куы цæуай, Мæ уагæвæрдтæ æмæ Мын Мæ фæдзæхстытæ куы æххæст кæнай, уæд дын Æз балæвар кæндзынæн бирæ цæрæнбон».

15Соломон райхъал ис æмæ бамбæрста, фын федта, уый. Уæд ацыд Йерусалиммæ, æрлæууыди Дунедарæджы Фидыды Чырыны раз æмæ æрхаста иууылсудзинæгтæ æмæ фидыды нывæндтæ, стæй скодта куывд æмæ цæл-минасмæ æрхуыдта йе ’ппæт дæлдæрты.

16Иуахæмы паддзахмæ æрбацыди дыууæ хæтаг сылы. Йæ разы æрлæууыдысты, 17æмæ сæ иу зæгъы: «О мæ паддзах! Æз æмæ мæнæ ацы сылгоймаг иу хæдзары цæрæм, æмæ уый йæхи цæстæй федта, лæппу куыд ныййардтон, уый. 18Мæнæй дыууæ боны фæстæдæр ныййардта ацы сылгоймаг дæр. Æмæ уыцы заман нæ дыууæйы йеддæмæ ничи уыди хæдзары. 19Гъемæ ацы сылгоймагæн йæ лæппу æхсæвы амарди, уымæн æмæ йæ фынæйæ æнæнхъæлæджы ныцъцъист кодта йæ быны. 20Æмбисæхсæв уыдаид, уæд сыстад æмæ мын мæ цурæй, æз, дæ цагъар, фынæй уыдтæн, афтæмæй, мæ лæппуйы райста æмæ йæ йæхи риуыл авæрдта, йæ мард лæппуйы та мын мæ риуыл æрæвæрдта. 21Райсомæй куы сыстадтæн, уæд, мæ лæппуйæн бахæрын кæнон, зæгъгæ, æмæ дын мард куы разынид. Дзæбæхдæр æм куы æркастæн, уæд федтон, мæн лæппу нæу».

22Уæд ын иннæ сылгоймаг афтæ: «Нæ, мæ лæппу ægас у, уый дæуæн у мард!» Уый дæр

ын афтæ: «Нæ, дæуæн дæ лæппу у мард у,
мæнæн у æгас!»
Афтæ хъæлæба кодтой паддзахы раз.
23Паддзах загъта: «Ацы дыууæйæ алчидæр
æгас лæппуйы йæхи хоны, марды та кæрæ-
дзийæн дæттынц. 24Кард-ма мын æриут!»
Паддзахæн æрбахастой кард, 25æмæ бар-
дзырд радта: «Удæгас сабийы адих кæнут
æмæ ацы дыууæ усæн фæйнæ æрдæджы
раттут!»
26Уæд, æгас лæппу кæй саби уыд, уыцы
сылгоймагæн йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта
йæ хъæбулы тæригъæдæй æмæ ныхъхъæр
кодта: «О мæ паддзах! Раттут ын æгас лæп-
пуйы, ма йæ амарут». Иннæ сылгоймаг та
загъта: «Нæ иу дæр æмæ дзы не ’ннæ дæр
æнæхай фæуæд! Афадут æй!»
27Уæд паддзах ног бардзырд радта: «Са-
бийы ма амарут, фыццаг сылгоймагæн æй
раттут, уымæн æмæ уый у йæ мад».
28Æппæт Израилы адæмыл дæр айхъуысти
паддзахы тæрхоны хабар, æмæ йын аргъуыц
кæнын райдыдтой, уымæн æмæ федтой, Ху-
ыцауы уæлзондæй хайджын тæрхонгæнæг
кæй у, уый.

**4** Соломон уыдис æппæт Израилы паддзах.
2Йæ барджынтæ уыдысты: Цадокы фырт
Азариа — сауджын; 3Шишайы фырттæ Ели-
хореф æмæ Ахийа — нымæрдартæ; Ахилу-
ды фырт Йошафат — азфыссæг; 4Йеходайы
фырт Бенайа — æфсады хицау; Цадок æмæ
Авиафар — сауджынтæ; 5Натаны фырт Аза-
риа — уллуты хицау; Натаны фырт Завуд,
сауджын — паддзахæн йæ уынаффæйы лæг;
6Ахишар — паддзахы галуаны уагдар; Ав-
дайы фырт Адонирам — бегарайы хицау.
7Соломон Израилы дыууадæс зылды сæр-
гъы сæвæрдта дыууадæс уллуйы. Алкæмæн
дæр сæ йæ хæс уыди йæ дæлбар зылдæй йæ
рады, афæдз иу мæйы дæргъы, паддзахы хæ-
дзар хæлцæй æввонг кæнын. 8Мæнæ уллуты
æмæ сæ чи цы зылды хицау уыди, уыдоны
нæмттæ: Бен-Хур — уый уыди Ефремы хæх-
бæсты хицау; 9Бен-Декер — Макац, Шаалвим,
Бет-Шемеш, Елон æмæ Бет-Ханаы сахарты
зылды хицау; 10Бен-Хесед — Арубботы са-
хары зылды хицау, йæ бæрны ма уыдысты
Сохойы сахар, стæй Хеферы сахары æппæт
зæхх. 11Бен-Авинадав — Соломоны чызг Та-
фаты лæг, хицауиуæг кодта Нафат-Доры
æппæт бæстæйæн. 12Ахилуды фырт Баанайы
бæрны уыдысты Таанах æмæ Мегиддойы са-
хартæ, Изреелы бынмæ Царетанмæ æввахс
Бет-Шеаны сахары æппæт зæххытæ, уыимæ
Бет-Шеаны сахарæй Авел-Мехолæйы онг,
стæй суанг Йокмеамы фалейы онг зæххытæ.
13Бен-Геверы бæрны уыди галаадаг сахар
Рамот, Менассиайы фырт Иаиры цатырхъæу-
тимæ, ноджы ма — Арговы зæхх Башаны,
бырутæй æхгæд æртиссæдз стыр сахари-
мæ, сæ кулдуæрттæн — æрхуы æхгæнæнтæ.
14Иддойы фырт Ахинадав уыди Маханаимы
зылды хицау. 15Ахимаац — Неффалимы хæ-
дзарвæндаджы зылды хицау; Соломоны чызг
Басемат уыди йæ ус. 16Хушайы фырт Баана-
йы бæрны уыди Асиры хæдзарвæндаджы
зылд, Беалоты сахаримæ. 17Паруахы фырт
Йосафат уыд Иссахары хæдзарвæндаджы
зылды хицау. 18Елайы фырт Шими уыди
Бениамины хæдзарвæндаджы зылды хицау.
19Урийы фырт Геверы бæрны уыди Галаады
зæхх, раздæр аморæгты паддзах Сигон æмæ
Башаны паддзах Огы зæххытæ кæм уыдыс-
ты, уый. Адоны хъауджыдæр æгас Иудейы
зæххæн уыдис иунæг бæстыхицау.
20Иудей æмæ Израилы адæм, денджызы
змисау æнæнымæц, хордтой, нуæзтой æмæ
цин кодтой. 21Евфраты донæй филистимæгты
зæхх æмæ Мысыры арæны онг паддзахæдтæ
иууылдæр уыдысты Соломоны дæлбар. Фыс-
той йын хъалон, лæггад ын кодтой цард-цæ-
рæнбонты. 22-23Соломоны æрвылбоны хæлц
уыди: æвзаргæ мæнæуы ссадæй — дæс æмæ
ссæдз коры, æнæуи ссадæй та — æхсæз коры;
хæрзхаст дæс галы, стæй, хизæнуаты чи вæй-
йы, ахæм ссæдз галы; сæдæ фысы, уыдонимæ
ма ноджы — сагтæ, сæгуыттæ, хъуазтæ æмæ
нард хæдзарон мæргътæ дæр. 24Йæ паддзахад
йæхи айтыгъта Евфраты ныгуылæнварс сахар
Тифсахæй суанг Газæйы онг. Уыцы зылды
æппæт паддзæхтæн уыди сæ паддзах æмæ
семæ царди фидыдæй. 25Соломоны заман
Иудей æмæ Израилы адæм иууылдæр, Да-
нæй Беер-Шевæйы онг, цардысты æдасæй.
Алчидæр-иу сæ йæхи йæ зæрдæйы дзæбæ-
хæн ирхæфста йæ сæнæфсир, йæ легъуийы
бын. 26Соломонмæ уыди дыууиссæдз мин
бæхы бынаты — йæ тохуæрдæтты бæхтæн,
дыууадæс мины та — барджыты бæхтæ.
27Йæ уллутæй, бæстæйы дыууадæс зылды
хицæуттæй, алчидæр радыгай, иу мæйы
дæргъы, алы хæринагæй ифтонг кодта пад-
дзахы фынг, чидæриддæр-иу æм æрбацыд,
уыдон хъуаг куыд ницæмæй æййæфтаиккой,
афтæ. 28Бæхтæ æмæ иннæ хайуантæн дæр
уыдонæй алчидæр сæ бынæттæм йæ рады
ласта хъæбæрхор æмæ хъæмп.
29Хуыцау Соломонæн балæвар кодта куы-
рыхондзинад, бирæ зонындзинæдтæ, стыр

зонд — денджызы был цы змис ис, уыйау
æнæнымæц. 30Скæсæны бæстæтæ æмæ Мы-
сыры æппæт куырыхонтæй куырыхондæр
сси. 31Йæ куырыхон зондæн æмбал нæ уыди.
Уыйас зонындзинæдтæ никæмæ уыди, суанг
Езрахитаг Етанмæ æмæ Махолы фырттæ
Хеман, Калкол æмæ Дардамæ дæр. Йæ ном
айхъуысти йæ алыварс цæрæг адæмтыл.
32Соломон æрымысыд æртæ мин æмби-
сонды, иу мин æмæ фондз та йæм уыди
зарджытæ. 33Раныхас-иу кодта алы бæлас,
алы зайæгойы тыххæй, ливайнаг кедрæй
райдай æмæ, къулы скъуыды чи разайы,
уыцы иссопæй фæу. Дзырдта цæрæгойтæ,
мæргътæ, хилæгойтæ æмæ кæсæгты тыххæй
дæр. 34Соломоны зонды ныхæстæм байхъу-
сынмæ дунейы алы къуымтæй цыдысты алы
адæмты минæвæрттæ, йæ куырыхон зонды
кой-иу кæмæ байхъуыст, уыцы паддзæхтæ
дæр æм æрвыстой сæ минæвæртты.

**5** Тиры паддзах Хирам цæрæнбонты лымæ-
нæй фæцарди Давидимæ. Æмæ Соломон йæ
фыды фæстæ паддзах сси, уый куы фехъу-
ыста, уæд æм æрбарвыста йæ минæвæрттæ.
2Соломон сын бафæдзæхста, цæмæй Хи-
рамæн зæгъой: 3«Ды зоныс, Мæ фыд Да-
видæн Дунедарæджы Кувæндон саразын
нæ бантыст, уымæн æмæ æдзух йæ сыхаг
адæмтимæ хæцыди, йæ фыдгултимæ, ца-
лынмæ йын Дунедарæг уæлахиз нæ радта, се
’ппæты дæр ын йæ къæхты бын нæ ныккодта,
уæдмæ. 4Ныр мæнæн та Дунедарæг радта
æнцой, фыдгул мын нал ис æмæ сæдас дæн
алырдыгæй дæр. 5Гъемæ, зæгъын, Кувæн-
дон саразон Дунедарæгæн, Мæ Хуыцауæн.
Кæддæр Дунедарæг уый кой ракодта мæ
фыд Давидæн дæр, зæгъгæ, Мæ номыл Мын
хæдзар сараздзæни дæ фырт, дæ фæстæ дын
дæ къæлæтджыны кæй сбадын кæнон, уый.
6Уымæ гæсгæ дæ курын, ливайнаг кедртæ
мын ракалын кæн. Мæ кусджытæ кусдзысты
дæ кусджытимæ, æмæ дын æз сæ куысты
тыххæй фиддзынæн, цас мын зæгъай, уый
бæрц мызд. Ды зоныс: махмæ, сидойнæг-
тау бæлæстæ калынмæ чи арæхсы, ахæм
адæм нæй».

7Хирам тынг бацин кодта, Соломоны кур-
диат ын куы рафæзмыдтой, уæд æмæ загъта:
«Арфæгонд уæд Дунедарæг, Давидæн ахæм
куырыхон фырт Чи радта, уыцы бирæ адæ-
мæн æй паддзах Чи скодта!» 8Соломонæн
фехъусын кæнын кодта: «Дæ курдиат дын
фехъуыстон æмæ дын дæ фæндон сæххæст
кæндзынæн. Ракалын дын кæндзынæн
кедртæ æмæ кипаристæ. 9Мæ кусджытæ
сæ Ливанæй денджызы былмæ нылласдзыс-
ты, стæй сæ æз денджызыл тъиуибæстытæй
бахæццæ кæндзынæн, кæдæм зæгъай, уыр-
дæм, уым сæ самайын кæндзынæн, æмæ-иу
сæ ды уырдыгæй алас. Æцæг мын ды дæр
мæ хъуыддаг араз, мæ хæдзарæн мын æр-
вит хæлц». 10Æмæ Хирам Соломонæн радта
кедртæ æмæ кипаристæ, Соломоны куыд-
дæриддæр фæндыд, афтæ.

11Соломон дæр æрвылаз Хирамы хæдзарæн
æрвыста ссæдз мин коры мæнæу æмæ ссæдз
коры сыгъдæг оливæйы сой.

12Дунедарæг Соломонæн радта куырыхон
зонд, зæрдæ йын куыд бавæрдта, афтæ. Со-
ломон æмæ Хирамы ’хсæн уыди фидыд, сæ
кæрæдзиимæ цардысты хæларæй.

13Паддзах Соломон бегарайы хæс æрæ-
вæрдта Израилы адæмыл æмæ уый тыххæй
рахицæн кæнын кодта дæс æмæ ссæдз мин
лæджы. 14Уыдоны æртæ æмхуызон къордыл
фæдих кодта æмæ дзы æрвылмæй Ливанмæ
йæ рады æрвыста иу къорд — дæс мин лæ-
джы. Афтæмæй дзы алы къорд дæр Ливаны
уыд иу мæй, сæхимæ та — дыууæ мæйы.
Сæ сæргъы лæууыд Адонирам. 15Уыдонæй
уæлдай ма Соломонмæ хæххон дурсæттæн-
ты куыста æвдай мин дурхæссæджы æмæ
æстай мин дурлæгъзгæнæджы. 16Соломон
сын сæ сæргъы сæвæрдта цæстдарджытæ,
нымæцæй — æртæ мин æртæсæдæ лæджы.
17Æмæ сын паддзах бардзырд радта, цæмæй
Кувæндонæн бындур æрæвæрынæн ласой
стыр æмæ зынаргъ, биноныг карст дуртæ.
18Кæрдгæ та сæ кодтой Соломоны æмæ Хи-
рамы кусджытæ, стæй — гевалæгтæ. Ноджы
ма цæттæ кодтой хъæдæрмæг æмæ æндæр
дуртæ дæр Кувæндон аразынæн.

**6** Израилæгтæн Мысыры цагъарадæй се
ссæрибарыл цыппарсæдæ æстай азы куы
рацыд, уæд Соломон йæ паддзахиуæджы
цыппæрæм азы дыккаг мæйы, зивы мæйы,
Дунедарæгæн Кувæндон аразын райдыдта.
2Соломон Дунедарæгæн цы Кувæндон сара-
зын кодта, уымæн йæ дæргъ уыдис æртис-
сæдз æлмæрины, йæ уæрх — ссæдз æлмæри-
ны, йæ бæрзæнд та — дæс æмæ ссæдз æлмæ-
рины. 3Кувæндонæн йæ тыргъы дæргъ уыди
сæйраг агъуыстæн йæ уæрхы йас — ссæдз
æлмæрины, йæ уæрх та — дæс æлмæрины.
4Соломон Кувæндонæн скодта æмырæхгæд
рудзгуытæ куыд мидæмæ фæтæндæргæнгæ
фæлгуыртимæ. 5Кувæндон æмæ Рухсмо-
нуаты алыварс быруйæн йе ’мкъул скодта

æфтуанагъуыст фæрссаг хатæнтимæ. 6Цæ-
мæй æфтуанагъуыст Кувæндоны къултыл ма
æндзæва, уый тыххæй быру æддæрдыгæй
кæрæй-кæронмæ конд æрцыди къæпхæнты
хуызы; агъуыстæн йæ бинаг уæладзыджы
уæрх уыди фондз æлмæрины, дыккаг уæла-
дзыджы уæрх — æхсæз æлмæрины, æртык-
каджы уæрх та — авд æлмæрины. 7Кувæндон
арæзт цыди цæттæкарст дуртæй, æмæ дзы
уымæ гæсгæ нæдæр дзæбуджы, нæдæр сарты,
нæдæр æндæр исты æфсæн кусæнгарзы хъæр
хъуыст. 8Æфтуанагъуыстæн йæ бинаг уæла-
дзыгмæ Кувæндоны хуссарварсæрдыгæй
уыди дуар. Бинаг уæладзыгæй дыккагмæ,
дыккагæй та æртыккагмæ цыди здыхсгæ
асин. 9Кувæндоны къултæ амад куы фесты,
уæд ын Соломон йæ уæлхæдзар скæнын код-
та кедр хъæйвантæ æмæ фæйнæгæй. 10Æфт-
уанагъуысты уæлхæдзар дæр конд æрцыди
кедры хъæдæрмæгæй. Кувæндоны къултимæ
йæ бастой кедры хъæдæй конд аххæрджытæ.
Æфтуанагъуысты уæладзгуытæн сæ бæр-
зæнд дæр уыди фæйнæ фондз æлмæрины.

11Дунедарæг Соломонæн загъта: 12-13«Мæ
уагæвæрдтæ æмæ Мын Мæ амындтытæм
гæсгæ куы цæрай, Мæ фæдзæхстытæ Мын
иууылдæр куы æххæст кæнай, уæд Æз сæх-
хæст кæндзынæн, дæу тыххæй дæ фыд Да-
видæн цы дзырд радтон, уый: цы Кувæн-
дон Мын аразыс, уым, израилæгты 'хсæн,
цæрдзынæн, Мæ адæмы æвæгæсæгæй нæ
ныууадздзынæн».

14Соломон дарддæр дæр архайдта Ку-
вæндон аразыныл. Йæ къултæ æмæ йæ сæр
куы сцæттæ сты, 15уæд паддзах бавнæлдта
мидагъуысты куыстытæм. Йæ къултыл ын
астæрдæй цары онг бахуыдта кедр фæйнæг,
йæ астæрдыл та кипарис фæйнæг. 16Фæстаг
къулæй размæ ссæдз æлмæрины ранымадта
æмæ уыцы ран кедры хъæдæй цæхгæрмæ су-
агъта ног къул, цæмæй йын йæ фæстæ сараза
Рухсмонуат. 17Кувæндоны раззаг хайæн йæ
дæргъ уыди дыууиссæдз æлмæрины. 18Ку-
вæндон мидæджырдыгæй иууылдæр æм-
бæрзт æрцыди кедрæй, уый уæлæ та — алы
дидинджытæ æмæ насæнгæс нывæфтыдтæ.
Алцыдæр уыди кедры хъæдæрмæгæй конд,
дуртæ никуыцæй зындысты.

19Рухсмонуат Соломон уый тыххæй скодта,
цæмæй дзы Дунедарæджы Фидыды Чы-
рын сæвæра. 20Рухсмонуатæн йæ дæргъ, йæ
уæрх æмæ йæ бæрзæнд уыдысты æмиæстæ —
ссæдзгай æлмæринтæ. Соломон æй иууыл-
дæр састæрдта сыгъдæг сыгъзæринæй. Стæй,
кедр хъæдæй цы нывондхæссæн скодта,
уый дæр састæрдта сыгъдæг сыгъзæринæй.
21-22Кувæндоны раззаг уат дæр Соломон иу-
уылдæр састæрдта сыгъдæг сыгъзæринæй,
уыимæ — Рухсмонуаты къул, æмæ уыцы къу-
лыл цæхгæрмæ айвæзта сызгъæрин рæхыс-
тæ. Сызгъæринæй састæрдта, Рухсмонуаты
раз цы нывондхæссæн лæууыд, уый дæр.

23Рухсмонуаты мидæг оливæ бæласы
хъæдæй скодта дыууæ херувимы, сæ бæр-
зæнд уыди фæйнæ дæс æлмæрины. 24-26Сæ
иуæн дæр æмæ иннæмæн дæр йæ базыртæ
уыдысты фæндзгай æлмæринты дæргъæн,
афтæмæй базыртыгъд херувимтæй алкæцы-
йæн дæр йæ иу базыры кæронæй йæ иннæ
базыры кæронмæ уыди дæс æлмæрины. Сæ
дыууæ дæр уыдысты æмиæстæ, æмхуы-
зæттæ. 27Соломон базыртыгъд херувимты
сæвæрдта Рухсмонуаты мидæг, кæрæдзийы
фарсмæ. Сæ кæройнаг базырты кæрæттæ
æндзæвыдысты Кувæндоны фæйнæ къулыл,
сæ иннæ базырты кæрæттæ та — кæрæдзи-
уыл. 28Херувимты дæр Соломон састæрдта
сыгъзæринæй.

29Кувæндоны æппæт къултыл, мидæггаг
агъуысты дæр æмæ æддаг агъуысты дæр,
скъахта херувимты, пальмæты æмæ ди-
динджыты нывæфтыдтæ. 30Кувæндонæн йæ
астæрдыл дæр скодта сыгъзæрин цъар — рæ-
бинаг уаты дæр æмæ раззаг уаты дæр. 31Рухс-
монуатмæ бацæуæны скодта дывæлдах дуар
оливæ бæласы хъæдæй, Уыдис ын фондз-
къæпхæнон тарвæзтæ, иу тарваз — иннæйы
мидæг. 32Соломон дуарæн йæ дыууæ хайыл
дæр скъахта херувимты, пальмæты æмæ ди-
динджыты нывæфтыдтæ, æмæ херувимтæ
æмæ пальмæты састæрдта сыгъзæринæй.
33Кувæндонмæ бацæуæны дæр Соломон оли-
вæ бæласы хъæдæй скодта дывæлдах дуар,
уыдис ын цыппаркъæпхæнон тарвæзтæ, иу
тарваз — иннæйы мидæг. 34Кипарис хъæдæй
йын скодта дыууæ дывæлдах дуары, алы
дуарæн йæ дыууæ æрдæджы дæр кодтой
гом. 35Уыцы дуæрттыл дæр Соломон скъахта
херувимты, пальмæты æмæ дидинджыты
нывæфтыдтæ æмæ сæ нывæфтыдты уæле
бинонрыг састæрдта сыгъзæринæй.

36Мидæггаг кæрты, ома сауджынты кæрты,
астæрд скодта карст дуртæ æртæ фæлтæры
æвæрдæй. Сæрæй ма сыл иу фæлтæр баф-
тыдта кедрæй конд амадхъæдтæ.

37Афтæмæй, Соломон Дунедарæджы Ку-
вæндонæн бындур æрæвæрдта йæ паддза-
хиуæджы цыппæрæм азы дыккаг мæйы,
зивы мæйы, 38арæзт та йæ фæци иуæндæсæм
азы æстæм мæйы, булы мæйы. Кувæндон

арæзт фæци йе ’ппæт агъуыстытимæ, ку-
ыд хъуыди, афтæ. Соломон æй фæцарæзта
æнæхъæн авд азы.

**7** Йæхи галуан та Соломон арæзта æртын-
дæс азы — æппæт куыстытæ фæуынæн уый
бæрц рæстæг бахъуыди.
2Соломон сарæзта ливайнаг хъæдæй фæ-
лыст галуан. Йæ дæргъ уыди фондзыссæдз
æлмæрины, йæ уæрх — дæс æмæ дыууиссæдз
æлмæрины, йæ бæрзæнд та — дæс æмæ ссæдз
æлмæрины. Йæ цары хъайвантæ, кедры
хъæдæй, æнцадысты кедры хъæдæй конд
цæджындзты цыппар рæнхъыл. 3Галуа-
нæн йæ уæлхæдзары аххæрджытæ (уыдон
дæр кедрæй конд) æвæрд уыдысты фондз
æмæ дыууиссæдз цæджындзы æртæ рæн-
хъыл. Алы рæнхъы дæр уыди фынддæс цæ-
джындзы. 4Мидагъуыст кæрæдзийы ных-
мæ æвæрд уыдысты рудзгуыты фæлгæттæ,
æртыгай рæнхъытæй. 5Æппæт дуæрттæн
дæр уыди цыппаркъæпхæнон тарвæзтæ, иу
тарваз — иннæйы мидæг, рудзгуытæ та сæ
кæрæдзийы ныхмæ æвæрд уыдысты æрты-
гай рæнхъытæй.
6Соломон йæ галуанæн скодта Цæджындз-
ты Агъуыст дæр, йæ дæргъ — дæс æмæ дыу-
уиссæдз æлмæрины, йæ уæрх та — дæс æмæ
ссæдз æлмæрины, йæ разæй — тыргъ. 7Скод-
та ма йын паддзахы бадæны агъуыст дæр —
тæрхондон. Йæ астæрдæй йæ цары онг ыл
бахуыдта кедры фæйнæджытæ. 8Цæргæ цы
хæдзары кодта, уый уыди йæ тæрхондоны
фæсте, æндæр кæрты, æмæ уый дæр конд
æрцыд йæ тæрхондоны хуызæн. Соломон йæ
усæн, фараоны чызгæн, цы хæдзар сарæзта,
уый дæр афтæ.
9Галуаны бæстыхæйтты систæ иууылдæр,
бындурæй уæллаг тигъы онг, амад уыдысты
зынаргъ æмæ бæрæг ас дуртæй. Сæ мидæг-
гаг æмæ се ’ддаг фæрстæ лыггонд уыдысты
дурфадæн хырхытæй. 10Йæ бындуры — егъау
æмæ зынаргъ дуртæ, иутæн дзы сæ дæргъ
уыди дæс æлмæрины, иннæтæн та — аст
æлмæрины. 11Бындурыл цы систæ амад уы-
ди, уыдонæн дæр сæ дуртæ уыдысты бæрæг
асыл карст, систыл сæрæй — кедрæй конд
аххæрджытæ.
12Галуаны бæстыхæйттæн сæ алыварс цы
стыр кæрт уыд, уый быру амад уыди афтæ:
æртæ рæнхъы — карст дуртæ, стæй уыдо-
ныл иу рæнхъ — кедр бæласы хъæдтæ. Уый
халдих амад уыдысты Дунедарæджы Кувæн-
доны мидæггаг кæрты быру æмæ тыргъы
систæ дæр.
13-14Паддзах Соломон Тиры сахарæй æр-
бахуыдта Хурамы. Уый уыди Неффалимы
хæдзарвæндагæй иу идæдз усы фырт. Фæлæ
йæ фыд Тиры сахайраг уыд, æрхуыдæсны.
Хурам йæхæдæг уыди зондджын æмæ гæр-
зарм æрхуыдæсны. Паддзах Соломонмæ
æрбацыд, æмæ йын цыдæриддæр бабар
кодтой, уыдон иууылдæр сæххæст кодта.
15Хирам джиппы рауагъта дыууæ æрхуы
цæджындзы, сæ бæрзæнд уыди фæйнæ æст-
дæс æлмæрины, сæ зиллаччы дæргъ — фæй-
нæ дыууадæс æлмæрины. 16Цæджындзтæн
сæ цъуппытыл æрæвæрыны тыххæй æрхуы-
йæ джиппы рауагъта æфтуантæ, иуæн дæр
æмæ иннæмæн дæр йæ бæрзæнд — фондз
æлмæрины. 17Æфтуанты зиллаччытыл уы-
ди каубыд хызæгтæ æмæ рæхысгæндты
нывæфтыдтæ, сæ иуыл дæр — авд, иннæ-
уыл дæр — авд. 18Алы æфтуанæн дæр йæ
хызæгтыл дыууæ рæнхъæй фидаргонд
уыдысты гранаты дыргъты нывæфтыдтæ.
19Тыргъы цæджындзтæн та се ’фтуантæ
уыдысты хъоппæг дидинæджы æнгæс, сæ
бæрзæнд — фæйнæ цыппар æлмæрины.
20Уыдон хызæгджын æфтуанты бынтæй
уæлдæр уыдысты. Сæ алкæй алыварс дæр
æрзылдысты гранат фæткъуыйы дыууæсæ-
дæ нывæфтыды рæнхъытæ. 21Хурам дыууæ
цæджындзы ныссагъта Кувæндонмæ бацæ-
уæны цур, æмæ рахиз цæджындз схуыдта
Йахин, галиу цæджындз та — Боаз. 22Дыууæ
цæджындзæн дæр се ’фтуантæ уыдысты
хъоппæг дидинæджы æнгæс.
Уыцы куыстытæ куы фæци, уæд ма 23Ху-
рам джиппы рауагъта егъау æрхуы аг дæр —
æрхуы денджыз, йæ фæтæн — дæс æлмæри-
ны, йæ бæрзæнд — фондз æлмæрины, йæ
зиллакк та — дæс æмæ ссæдз æлмæрины.
24Йæ зиллаккыл уыди хъуымбылæггонд
фæлындæнты дыууæ рæнхъы, агимæ иу
джиппы уагъд. Алы æлмæрины дæр дзы
уыди дæсы бæрц. 25Аг лæууыди дыууадæс
галыл: æртæ дзы касти цæгатæрдæм, æртæ —
ныгуылæнæрдæм, æртæ — хуссарæрдæм,
æртæ — скæсæнæрдæм. Галтæн сæ чъыл-
дымтæ уыдысты кæрæдзимæ, аджы бынмæ,
здæхт. 26Агæн йæ былтæ — нуазæны былты
хуызæн, хъоппæг куы райхæлы, раст уый
æнгæс. Йæ фæрсты бæзн — армытъæпæны
йас. Дон дзы цыди дыууæ мин баты.
27Хурам ма æрхуыйæ скодта цæлхытыл
цæугæ дæс суанцъыйы, цыппæрдигъæттæ.
Сæ ас дæргъмæ æмæ уæрхмæ — цыппар æл-
мæрины, сæ бæрзæнд та — æртæ. 28Суанцъы-
ты фæрстыл фæлгæтты мидæг фидаргонд

уыдисты уадздзæгтæ. 29Уыдоныл уыди дом-
бæйттæ, галтæ æмæ херувимты нывæфтыдтæ.
Фæлгæтты кæрæттыл та сæрæй дæр æмæ
бынæй дæр — дидинджыты чъинаты пæлæх-
сар нывæфтыдтæ. 30Алы суанцъыйæн дæр
уыди цыппар цалхы, æрхуы сæмæнтимæ. Йæ
цыппар фисыныл — агуромæнтæ, дидинджы-
ты чъинатимæ уыдисты иу джиппы уагъд.
31Суанцъыйæн йæ хъуыр хæрдмæ уыди æлмæ-
рины йас, йæ уæрх та — æлмæрин æмæ æрдæ-
джы йас, уыди тымбыл, бынæй йæхи фæрстæ
та — цыппæрдигъон. 32Фæрсты бынмæ уыди
цыппар цалхы, сæ сæмæнтæ — суанцъыйыл
фидаргонд. Цæлхытæн сæ бæрзæнд — æлмæ-
рин æмæ æрдæг. 33Уыдисты тохуæрдæтты
цæлхыты халдих — джиппыуагъд: сæмæ-
нæй, чъилæй, дæндагæй, мæскъæй. 34Алы
суанцъыйæн дæр йæ цыппар фисыны агу-
ромæнтæ суанцъыимæ уыдисты иу джиппы
уагъд. 35Суанцъытæн сæ алкæцыйы хъуыры
зиллаккыл дæр сæрæй уыд æлмæрины бæр-
зæндæн уадздзаг фидаргонд, йæ уромæн-
тимæ иу джиппы уагъд. 36Уыцы уромæнтæ
æмæ фæрсты уадздзæгтыл Хурам скодта
херувимтæ, домбæйттæ æмæ пальмæты ны-
вæфтыдтæ, сæ алыварс та — дидинджыты
чъинатæ. 37Ацы дæс суанцъыйы иууылдæр
уыдисты кæрæдзийы халдих: иу джиппы
уагъд, æмас, æмæнгæс. 38Ацы суанцъытæн ма
Хурам ноджыдæр скодта дæс æрхуы цæхгæры,
алы цæхгæрæн дæр йæ фæтæн уыди цыппар
æлмæрины, дон дзы цыди дыууиссæдз ба-
ты. 39Суанцъытæй фондз сæ цæхгæртимæ
лæууыдисты Кувæндоны рахизфарс, фондз
та — йæ галиуфарс. Æрхуы денджыз та лæу-
уыди рахизфарсæрдыгæй, Кувæндонæн йæ
хуссар-скæсæйнаг фисыны цур.
40Ноджы ма Хурам скодта тастæ, чысыл
фыййæгтæ æмæ куыситæ.
Афтæмæй, Хурам паддзах Соломоны фæ-
дзæхстæй Дунедарæджы Кувæндоны куыс-
тытæ иууылдæр фæци. 41Джиппы рауагъта:
дыууæ цæджындзы;
дыууæ хъоппæгæнгæс æфтуаны цæ-
джындзты цъуппытæн;
каубыд хызæгтæ рæхыстимæ хъоп-
пæгæнгæс æфтуантæн;
42 цыппарсæдæ гранат фæткъуыйы
нывæфтыдтæ хъоппæгæнгæс æфт-
уанты хызæгтыл, алы æфтуаныл
дæр — дыууæ рæнхъы;
43 цæлхытыл цæугæ дæс суанцъыйы;
суанцъытыл æвæрд дæс аджы;
44 æрхуы денджыз, йæ быны та — дыу-
уадæс галы;
45 ноджы ма тастæ, чысыл фыййæгтæ,
куыситæ.

Хурам паддзах Соломонæн Дунедарæджы
Кувæндоны тыххæй цыдæриддæр скодта,
уыдон иууылдæр уыдисты лæгъзгонд, æрт-
тиваг æрхуыйæ конд. 46Паддзах сæ джиппы
рауадзын кодта Иорданы дæлвæзы, Суккот
æмæ Царетаны ’хсæн æлыгбын мæры. 47Æр-
хуы дзауматæ тынг бирæ кæй уыдисты, уы-
мæ гæсгæ сæ Соломон баргæ дæр не скодта,
æмæ сæ уæз цас уыди, уый не сбæрæг.
48-50Соломон ма Хурамæн скæнын кодта
Дунедарæджы Кувæндоны уаз дзауматæ
дæр: нывондхæссæн; кувæггаг дзулты фынг;
дæс цырагъдарæны, фондз — рахизæрдыгæй,
фондз — галиуæрдыгæй, Рухсмонуатмæ
бацæуæны раз; цырагъдарæнтæн дидин-
сыф æфтуантæ; цырæгътæ, æртыскæнтæ,
Кувæндоны тæбæгътæ, кæрдтæ, куыситæ,
уидгуытæ, будсудзæнтæ; æвдузæнтæ Рухс-
монуат æмæ Кувæндоны дуæрттæн.
Ацы дзауматæ иууылдæр конд æрцыдыс-
ты сыгъдæг сыгъзæринæй.
51Соломон Дунедарæджы Кувæндон сара-
зыны æппæт куыстытæ конд куы фæци, уæд
райста, Давид Дунедарæгæн цы сыгъзæрин,
æвзист æмæ алы дзауматæ снывонд кодта,
уыдон æмæ сæ бафснайдта Дунедарæджы
Кувæндоны хæзнадæтты.

**8** Иу цасдæр рæстæджы фæстæ паддзах
Соломон фæсидти Израилы хистæртæм, Из-
раилы хæдзарвæндæгты æмæ мыггæгты
хистæртæм. Фæсидти сæм Йерусалиммæ,
цæмæй сын Дунедарæджы Фидыды Чы-
рын Давиды сахарæй (сахарæн йæ иннæ
ном — Сион) рахæссын кæна. 2Æмæ æппæт
израилæгтæ паддзах Соломонмæ æрæм-
бырд сты Халагъудты бæрæгбоны рæстæг.
Уый уыди етанимы мæй, æвдæм мæй. 3Из-
раилы хистæртæ куы æрæмбырд сты, уæд
сауджынтæ Фидыды Чырын се уæхсчытæм
систой. 4Сауджынтæ æмæ левиттæ ахастой
Дунедарæджы Фидыды Чырын æмæ Фем-
бæлды Цатыр, стæй, Цатыры цы уаз дзау-
матæ уыди, уыдон иууылдæр. 5Ныр паддзах
Соломон æмæ израилæгты æппæт дзыллæ
та æрæмбырд сты Фидыды Чырыны размæ
æмæ лыстæг фос æмæ стурвосæй æрхастой
æнæнымæц нывæндтæ.
6Уый фæстæ сауджынтæ Кувæндоны рæби-
наг уатмæ, Рухсмонуатмæ, бахастой Фидыды
Чырын æмæ йæ æрæвæрдтой херувимты
базырты бын. 7Херувимтæн сæ базыртæ

уыдысты Фидыды Чырыны сæрмæ тыгъд
æмæ йæ æмбæрзтой йæ хæссæн хъилтимæ.
8-9Уыцы хъилтæ ахæм даргъ уыдысты, æмæ
сын сæ кæрæттæ уыдта, Рухсмонуаты дуар-
мæ-иу чи æрлæууыд, уый, фæлæ уымæй
æддæдæр нæ зындысты.
Фидыды Чырыны хуылфы ницы уыди,
дыууæ къæйдуры йеддæмæ. Кæддæр Изра-
илы адæм Мысырæй куы рацыдысты æмæ
Дунедарæг семæ куы бафидыдта, уæд сæ
Хоревы хохыл Моисей нывæрдта уыцы Чы-
рыны. Æмæ ныронг дæр уым сты.
10Сауджынтæ куыддæр Кувæндонæй ра-
цыдысты, афтæ æврагъ байдзаг кодта Дуне-
дарæджы хæдзар. 11Кувæндон Дунедарæджы
кады тæмæнæй кæй байдзаг, уымæ гæсгæ
сауджынтæ нал фæрæзтой уым сæ уаз лæг-
гад дарддæр æххæст кæнын.
12Æмæ Соломон скуывта: «О Дунедарæг!
Ды загътай, Æз цæрын тар æврагъы мидæг.
13Ныр Дын æз скодтон бæрзонд æмæ пара-
хат Хæдзар, цæмæй дзы цæрай мыггагмæ».
14Уый фæстæ паддзах йе 'ргом раздæхта
израилæгты дзыллæмæ æмæ се 'ппæтæн
дæр арфæ ракодта. 15Стæй загъта:
— Арфæгонд уæд Дунедарæг, Израилы Ху-
ыцау! Абон Уый Йе стыр хъомысы фæрцы
сæххæст кодта, кæддæр мæ фыд Давидæн
зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый. Афтæ йын
загъта: 16«Æз Мæ адæмы, Израилы, Мысы-
рæй куы ракодтон, уæдæй абонмæ Израилы
хæдзарвæндæгтæй иуы сахар дæр нæ рав-
зæрстон, цæмæй Мæ номыл уым хæдзар
арæзт æрцæуа, фæлæ равзæрстон Йерусалим,
цæмæй дзы Мæ ном цæра, æмæ равзæрстон
Давиды, цæмæй æрлæууа Мæ адæмы сæр-
гъы». 17Мæ фыд Давиды фæндыди Кувæндон
саразын Дунедарæджы, Израилы Хуыцауы,
номыл. 18Дунедарæг ын загъта: «Æхсызгон
Мын у, Мæ номыл Кувæндон саразынмæ кæй
хъавыс, уый, 19фæлæ ды нæ уыдзынæ йæ ара-
зæг. Мæ номыл Мын Кувæндон сараздзæни
дæ фырт, дæ туг æмæ де стæг». 20Æмæ ныр
Дунедарæг сæххæст кодта Йæ дзырд. Куыд
загъта, афтæ æз сбадтæн мæ фыд Давиды
бынаты, Израилы паддзахы къæлæтджыны,
æмæ Дунедарæгæн, Израилы Хуыцауæн, Йæ
номыл сарæзтон Кувæндон. 21Дунедарæг нын
нæ фыдæлты Мысырæй куы ракодта, уæд
семæ бафидыдта, æмæ Йæ фæдзæхстытæ
цы Фидыды Чырыны æвæрд сты, уымæн
ацы Кувæндоны скодтон бынат.
22Соломон æрлæууыди Дунедарæджы ны-
вондхæссæны раз, израилæгты дзыллæйæн
сæ разæй, йæ къухтæ арвмæ сдардта 23æмæ
скуывта: «О Дунедарæг, Израилы Хуыцау!
Ды дæ, уæларвы дæр æмæ зæххыл дæр æм-
бал Кæмæн нæй, уыцы Хуыцау. Иудадзыг Дæ
лæггадгæнджытыл, зæрдиагæй Дын чи кусы,
уыдоныл æнувыд дæ. Хъахъхъæныс, семæ
цы фидыд сарæзтай, уый æмæ сыл аудыс
æдзухдæр. 24Ацы бон Де стыр хъомысы фæр-
цы сæххæст кодтай, Дæ лæггадгæнæгæн, мæ
фыд Давидæн, Дæхи дзыхæй цы дзырд радтай,
уый. 25Æмæ ныр, Дунедарæг, Израилы Хуыцау,
сæххæст кæн, ноджы ма Дæ цагъар Давидæн,
мæ фыдæн, зæрдæ цæмæй бавæрдтай, уый
дæр: „Дæ фырттæ раст фæндагыл куы лæууой,
дæуау Мын иузæрдион лæггад куы кæной, уæд
дæ байзæддæгтæ мыггагмæ дæр баддзысты
Израилы паддзахы къæлæтджыны“. 26Уæдæ
ныр Дунедарæг, Израилы Хуыцау! Кæддæр дæ
лæггадгæнæг Давидæн, мæ фыдæн, цы дзырд
радтай, уый сæххæст кæн! 27Æниу Хуыцау
зæххыл куыд хъуамæ æрцæра? Уæларв æмæ
уæлдунетæ дæр Дын æгæр къуындæг куы
сты, куы нæ Дыл æххæссынц, уæд Дын æз цы
Кувæндон сарæзтон, уым куыд бацæудзынæ?
28О Дунедарæг, мæ Хуыцау! Абон æркæс Дæ
цагъармæ, Дæ хъус ын æрдар йæ куывдмæ,
фехъус ын йæ лæгъстæ! 29Æхсæвæй уа, бонæй,
Де 'ргом макуы аздах ацы Кувæндонæй, ацы
бынатæй, Мæ ном дзы цæрдзæни, зæгъгæ,
кæмæй загътай, уымæй! Дæ цагъар Дæм кувы,
ацы бынатмæ йе 'ргом саразгæйæ, æмæ йын
айс йæ куывд. 30Фехъус Дæ цагъары æмæ Дæ
адæм Израилы куывд! Ацы бынатмæ не 'ргом
саразгæйæ-иу Дæм куы скувæм, уæд-иу нын
Дæ цæрæнбынатæй, уæлæрвтæй, фехъус нæ
куывд æмæ-иу нын нæ азым ныббар!
31Иу иннæйы азымджын куы кæна, мæ
разы фæтæригъæдджын ис, зæгъгæ, æмæ
йын Дæ Кувæндоны нывондхæссæны раз
ард куы бахæрын кæна, 32уæд ын уæларвæй
фехъус йæ ардбахæрд æмæ йын Дæ раст
тæрхон рахæсс: азымджын у — бафхæр æй,
æназым у — йæ маст ын райс æмæ цас раст
у, уымæ гæсгæ йæ Дæ хорзæхæй барæвдау!
33Дæ адæм, Израил, Дæ разы фæтæри-
гъæдджын сты æмæ уый тыххæй фыдгулы
амæттаг баисты, зæгъгæ, уæд куы æрфæсмон
кæной, се 'ргом Дæм куы раздахой æмæ Дын
ацы Кувæндоны Дæ номæн кад куы скæной,
кувын, лæгъстæ кæнын Дæм куы райдайой,
34уæд-иу сæ уæларвæй фехъус, ныббар-иу
Дæ адæмы, Израилы, тæригъæд æмæ-иу
сæ фæстæмæ æрбаздах сæ зæхмæ, кæддæр
сын сæ фыдæлтæн кæй радтай, уырдæм!
35Дæ разы фæтæригъæдджын сты æмæ
сын уый тыххæй арв йе 'ртах нал дæтты,

зæгъгæ, уæд Дын Дæ къухы цæф куы бам-
барой æмæ сæ тæригъæдыл куы æрфæс-
мон кæной æмæ Дын, ацы Кувæндонмæ се
’ргом саразгæйæ, Дæ номæн кад куы скæной
æмæ Дæм куы скувой, 36уæд-иу уæларвæй
фехъус Дæ лæггадгæнджыты, Израилы
адæмы, æмæ-иу сын ныббар сæ азым, раст
фæндагыл-иу сæ сараз, фыдæй-фыртмæйы
исбонæн сын цы зæхх радтай, ууыл та-иу
къæвдайы ’ртах æруадз!
37Зæххыл хус дымгæ, зайæгойты низ,
мæтыхтæ æмæ къуыдыргалм тыллæг куы
бабын кæной æмæ стонг заман куы скæна,
ноджы ма адæм емынæ æмæ æндæр низты
амæттаг куы бауой кæнæ сæм фыдгул куы
бабырса, 38уæд-иу Дæ адæмæй, Израилæй,
искæмæн йæ зæрдæ фыдохы азарæй ныррыз-
ти æмæ Дæм, ацы Кувæндонмæ йæ къухтæ
ныттындзгæйæ, скуывта, балæгъстæ Дын
кодта, зæгъгæ — 39фехъус-иу æй уæларвæй,
Дæ цæрæнбынатæй, æмæ-иу ныббар Дæ
адæмы азым! Алкæмæн дæр-иу йæ хъуыд-
дæгтæм гæсгæ стæрхон кæн, уымæн æмæ Ды
зоныс, йæ зæрдæйы кæмæн цы ис, уый, æр-
мæстдæр Ды зоныс адæмы зæрдæтæ. 40Уæд
Дын кад кæндзысты æмæ Дæ нымайдзысты
цæргæ-цæрæнбонты, цалынмæ, кæддæр
нын нæ фыдæлтæн цы зæхх радтай, ууыл
цæрой, уæдмæ.
41Дæ адæмæй, Израилæй, чи нæ уа, ахæм
исчи, æддагон, дард бæстæй Дæ номы сæрап-
понд куы æрбацæуа, — 42уымæн æмæ Дын
фехъуыста Дæ цытджын ном æмæ Де стыр
хъомысы кой — æмæ Дæм, Дæ Кувæндонмæ
йе ’ргом саразгæйæ, куы скува, 43уæд-иу æй
фехъус уæларвæй, Дæ цæрæнбынатæй, æмæ-
иу ын сæххæст кæн, цæй тыххæй Дæм скува,
уый, цæмæй Дын æппæт адæмтæ базоной Дæ
ном, аргъуыц Дын кæной, Дæ адæмау, Из-
раилау, цæмæй базоной, кæй Дын сарæзтон,
уыцы Кувæндон Дæ ном кæй хæссы, уый.
44Дæ адæм Дæ амынд фæндагыл фыдгу-
лимæ схæцынмæ куы рацæуой æмæ, Дæ-
хицæн цы сахар равзæрстай æмæ Дын æз
цы Кувæндон сарæзтон, уыдонмæ се ’ргом
раздахгæйæ, Дæумæ куы скувой, Дунедарæг,
45уæд-иу сын уæларвæй фехъус сæ куывд, сæ
лæгъстæ æмæ-иу сын ахъаз бакæн!
46Гæнæн ис, æмæ Дæ адæм Дæ разы фæ-
тæригъæдджын уой, уымæн æмæ æнæтæ-
ригъæд ничи у. Ды сæм смæсты уыдзынæ,
фыдгулты амæттаг сæ бакæндзынæ, æмæ
сæ уыдон уацары акæндзысты дард кæ-
нæ æввахс бæстæмæ. 47Гæнæн ис, æмæ Дæ
адæм уым æрфæсмон кæной, се ’ргом Дæм
раздахой æмæ Дæм скувой, фæтæригъæд-
джын стæм, фæазымджын стæм, фыдми
ракодтам, зæгъгæ. 48Гъемæ сæ уацары чи
акодта, уыцы фыдгулты зæххыл Дын сæ
уд, сæ зæрдæ куы снывонд кæной, се ’ргом
куы саразой, кæддæр сын сæ фыдæлтæн
цы зæхх саккаг кодтай, Дæхицæн цы сахар
равзæрстай æмæ æз Дæ номыл цы Кувæн-
дон сарæзтон, уыдонмæ, 49уæд-иу сын Ды
уæларвæй, Дæ цæрæнбынатæй, фехъус сæ
куывд, сæ лæгъстæ æмæ-иу сын ахъаз ба-
кæн! 50Дæ разы цæмæйдæриддæр фæтæ-
ригъæдджын æмæ фæазымджын сты, уый
сын ныббар, уацары сæ чи акодта, уыдоны
зæрдæ сæм фæфæлмæн кæн, цæмæй сын
фæтæригъæд кæной. 51Уымæн æмæ уыдон
Дæ адæм сты, Дæ исбон; Ды сæ ракодтай Мы-
сырæй — згъæртайынгæнæн куынцгомæй.
52Дæ лæггадгæнæг æмæ Дæ адæм Израил
Дæм куы кувой, уæд-иу сæ кæддæриддæр
фехъус, цæстуарзонæй-иу сæм ракæс! 53Ды
сæ Дæхицæн исбон скæныны охыл рахицæн
кодтай дунейы адæмтæй, Дæ цагъар Мои-
сейы дзыхæй сын ныфс куыд бавæрдтай,
афтæ, кæддæр нын Мысырæй нæ фыдæлты
куы ракодтай, уæд, о Дунедарæг Хуыцау!»
54Соломон Дунедарæгмæ куы скуывта,
йæ куывд æмæ йæ курдиæттæ дзырд куы
фæци, йæ къухтæ арвмæ тыгъдæй Дунеда-
рæджы нывондхæссæны раз йæ зонгуытыл
фæлæууыди, афтæмæй, уæд сыстад 55æмæ
Израилы дзыллæйæн хъæрæй раарфæ кодта:
56«Арфæгонд уæд Дунедарæг! Йæ адæмæн,
Израилæн, зæрдæ куыд бавæрдта, афтæ
сын радта æдас цард. Йæ цагъар Моисейы
дзыхæй фæрнджын ныхасæй цыдæриддæр
загъта, уыдонæй иу дæр æнæ сæххæстгæнгæ
нæ ныууагъта. 57Кæддæр нын Дунедарæг,
нæ Хуыцау, нæ фыдæлтыл куыд аудыдта,
афтæ аудæд махыл дæр, йæхи ныл ма атигъ
кæнæд æмæ нæ дзæгъæлæй ма ныууадзæд.
58Раттæд нын коммæгæс зæрдæ, цæмæй,
нæ фыдæлтæн куыд бафæдзæхста, афтæ
цæуæм Йæ амынд фæндæгтыл, æххæст Ын
кæнæм Йæ фæдзæхстытæ, Йæ уагæвæрдтæ
æмæ Йæ амындтытæ. 59Абон цы скуывтон
æмæ Дунедарæгæй цы ракуырдтон, уый та
Дунедарæг Хуыцауæй æхсæвæй-бонæй рох
ма уæд. Æрвылбон алы хъуыддаджы дæр
ахъаз кæнæд Йæ цагъарæн дæр æмæ Йæ
адæм Израилæн дæр. 60Уæд æппæт адæмтæ
дæр базондзысты, Дунедарæг, æмбал кæмæн
нæй, уыцы иунæг Хуыцау кæй у, уый. 61Уы-
мæ гæсгæ тынг æнувыд ут Дунедарæгыл,
нæ Хуыцауыл, æмæ Йын абонау æдзухдæр

æххæст кæнут Йæ уагæвæрдтæ æмæ Йæ
фæдзæхстытæ».
62-63 Паддзах Соломон æмæ Израилы адæм
сарæзтой Дунедарæджы Кувæндон срухс
скæныны стыр бæрæгбон æмæ æрхастой
нывæндтæ. Фидыды нывæндты номыл стур-
восæй акусарт кодтой дыууæ æмæ ссæдз мин
сæры, лыстæг фосæй та — æхсæзыссæдз мин
сæры. 64 Дунедарæджы Кувæндоны раз цы
æрхуы нывондхæссæн уыди, уый утæппæт
нывæндтæ æрхæссынæн æгæр гыццыл кæй
уыд, уымæ гæсгæ Соломон тæккæ уыцы бон
срухс кодта, Кувæндоны раз цы кæрт уыд,
уымæн йæ астæуккаг хай, æмæ уым æрхаста
иуулсудзинаг нывæндтæ, стæй хойраджы
хуынтæ æмæ фидыды нывæндты фиу.
65 Соломон Дунедарæджы раз куывд скодта.
Æгас Израил, Лево-Хаматæй суанг Мысы-
ры арæны раз цы цæугæдон калд, уый онг
чи царди, уыдон иуулдæр — тынг бирæ
дзыллæ — æрæмбырд сты уыцы куывдмæ
æмæ фæминас кодтой иннабонæй иннабон-
мæ. 66 Æстæм бон паддзах Соломон адæмы
ауагъта. Уыдон ын арфæ ракодтой æмæ сæ
хæдзæрттæм араст сты, Дунедарæг Йæ лæг-
гадгæнæг Давидæн æмæ Йæ адæм Израилæн
цы бирæ хæрзты бацыд, уыдоныл цингæн-
гæйæ æмæ райгæйæ.

**9** Соломонæн Дунедарæджы Кувæндон, пад-
дзахы галуан æмæ, ноджыдæр ма цы бæсты-
хæйттæ саразинаг уыд, уыдон конд куы фес-
ты, 2 уæд æм Дунедарæг дыккаг хатт æргом
рацыд, кæддæр æм Гивоны куыд раргом ис,
афтæ 3 æмæ йын загъта: «Фехъуыстон дын дæ
куывд æмæ дæ лæгъстæ, цыдæриддæр Мæ
куырдтай, уый æмæ, цы Кувæндон сарæзтай,
уый срухс кодтон. Мыггагмæ дзы цæрдзæни
Мæ ном, Мæ цæстытæ æмæ Мæ зæрдæ æдзух
уыдзысты уырдæм арæзт. 4 Дæ фыд Давидау
Мын иузæрдионæй æмæ рæстæй куы лæггад
кæнай, цыдæриддæр дын бафæдзæхстон,
уыдон куы æххæст кæнай, Мæ уагæвæрд-
тæ æмæ Мын Мæ амындтытæм гæсгæ куы
цæрай, 5 уæд дын дæ паддзахдзинад сфидар
кæндзынæн, дæ фыд Давидæн зæрдæ куыд
бавæрдтон, афтæ æмæ дæ байзæддæгтæ
кæддæриддæр паддзахиуæг кæндзысты Из-
раилы. 6 Фæлæ Мыл, мыййаг, дæ фырттимæ
уæхи бынты-быны тигъ куы акæнат æмæ
уын, цы фæдзæхстытæ æмæ уагæвæрдтæ
радтон, уыдон куы не 'ххæст кæнат, фæлæ
æндæр хуыцæуттæм кувын æмæ сын лæггад
кæнын куы райдайат, 7 уæд Израилы адæмы
рамæрздзынæн, цы зæхх сын радтон, уымæй,
Мæхи атигъ кæндзынæн, Мæ номы сæрап-
понд цы Кувæндон срухс кодтон, ууыл дæр,
æмæ Израилы адæмыл худдзысты æмæ сын
фидис кæндзысты æппæт адæмтæ дæр. 8 Ацы
бæрзонд Кувæндонæн дæр-иу йæ цурты
чи рацæуа, уый-иу сагъдауæй аззайдзæн,
стæй-иу фехситт кæндзæн æмæ бафæрсдзæн,
ацы зæхх æмæ ацы Кувæндонæн Дунеда-
рæг цæй тыххæй афтæтæ бакодта, зæгъгæ.
9 Æмæ-иу ын зæгъдзысты, сæ фыдæлты сын
Мысырæй чи ракодта, уыцы Дунедарæджы,
сæ Хуыцауы, кæй ныууагътой æмæ æндæр
хуыцæуттæм кувыныл кæй фæцайдагъ сты
æмæ сын лæггад кæй кæнынц, уый тыххæй
сыл ныххуырста Дунедарæг ацы бæллæх».
10 Соломон Дунедарæджы Кувæндон æмæ
паддзахы галуан саразыныл бахардз кодта
ссæдз азы. 11 Уыцы хъуыддæгты йæ, цасдæ-
риддæр æй хъуыдис, уый бæрц кедр æмæ
кипарис хъæдæрмæгæй, стæй сыгъзæринæй
ифтонг кодта Тиры паддзах Хирам. Арæз-
тадон куыстытæ куы фесты, уæд Соломон
Хирамæн радта ссæдз галилейаг сахары.
12 Хирам сæм Тирæй йæхæдæг æрбацыди
фенынмæ, фæлæ йæ зæрдæмæ нæ фæцы-
дысты. 13 Загъта: «Ай мын, ме 'фсымæр, ца-
вæр сахартæ бахай кодтай?» Æмæ, сахартæ
цы зæххыл уыдысты, уый схуыдта Кавул.
14 Фæлæ уæддæр уыцы сахарты тыххæй Со-
ломонæн Тирæй æрбарвыста цъындыйы
аргъ — сыгъзæрины æхсæзыссæдз таланты.
15 Æппæт бæстыхæйттæ саразыны тыххæй
Соломон сфидар кодта бегарайы хæс, цæмæй
сараза Дунедарæджы Кувæндон, йæ галуан,
ногæй рацараза Миллойы зылд, Йерусалимы
сахары дурамад быру, стæй сахартæ Хацор,
Мегиддо æмæ Гезер.
16 Мысыры паддзах фараон уымæй размæ
Гезеры сахармæ æрбабырста æмæ йæ арты
амæттаг бакодта. Йæ цæрджыты йын, хана-
анæгты, ныццагъта æмæ фæстæдæр сахар
чындзы дзаумайæн балæвар кодта йæ чыз-
гæн, Соломоны усæн. 17 Æмæ ныр Соломон
ногæй рацарæзта Гезеры сахар.
Ноджы ма рацарæзта сахартæ дæллаг Бет-
Хорон 18 æмæ Баалат, стæй Тамары сахар
æдзæрæг бæсты (Иудейы зæххыл). 19 Уымæй
уæлдай ма Соломон сарæзта æфтауцуат са-
хартæ: иуты дзы дардта хæлц, иннæты —
тохуæрдæттæ, аннæты — бæхджын æфсæд-
тæ. Ноджы ма Соломон Йерусалимы, Ливаны
æмæ йæ паддзахады алы рæтты сарæзта
æндæр бæстыхæйттæ дæр, куыддæриддæр

**9:13** Ома «ницæйаг».

сфæнд кодта, афтæ. 20-21Израилы зæххыл
раздæр цы æндæр адæмтæ царди — амо-
рæгтæ, хеттæгтæ, периззæгтæ, хиввæгтæ
æмæ йевусæгтæ — уыдоны мыггаг бынтон
сыскъуынын израилæгтæн нæ бантыст. Æмæ
сын ныр Соломон сæ фæстагæтты бафтыд-
та тыхбегарайы алы куыстытыл, æмæ сæ
кæнынц ныронг дæр. 22Уыцы хъуыддаджы
Израилы адæмы нæ тыхсын кодта. Уый нæ,
фæлæ сæ йæхицæн скодта хæстонтæ, фæс-
дзæуинтæ æмæ æфсады хицæуттæ, æвæрдта
сæ йæ тохуæрдæттæ æмæ йæ бæхджынты
сæргъы.

23Соломонæн йæ кусæг адæмы сæргъы
лæууыди фондзсæдæ фæндзай цæстдарæ-
джы. Уыдонæн сæ бæрны уыдысты æппæт
арæзтадон куыстытæ.

24Фараоны чызг Давиды сахарæй, Соло-
мон ын цы галуан сарæзта, уырдæм куы
æрбалыгъд, уый фæстæ паддзах райдыдта
Миллойы зылды бæстыхæйттæ аразын.

25Соломон Дунедарæгæн цы нывондхæс-
сæн сарæзта, ууыл афæдз æртæ хатты хаста
иууылсудзинæгтæ æмæ фидыды нывæндтæ,
ноджы ма йыл сыгъта буд. Афтæмæй Кувæн-
дон арæзт фæци.

26Сырх денджызы былгæрон Ецион-Геверы,
Елотмæ хæстæг, Едомы зæххыл, Соломон
арæзта наутæ. 27Хирам ын уырдæм, денджы-
зон хъуыддæгты баххуысы охыл, Соломоны
адæмимæ фæлтæрдджын наудзогты арвыста.
28Æмæ Соломоны адæмимæ наутыл Ецион-
Геверæй араст сты Офирмæ, æмæ уырдыгæй
паддзах Соломонæн æрбаластой цыппар-
сæдæ дыууын таланты бæрц сыгъзæрин.

**10** Соломон Дунедарæгæн стыр кад кæй
кодта æмæ номджын паддзах кæй сси, уый
Савайы ус-паддзахмæ дæр байхъуыст, æмæ
йæм æрбацыди базон-базонтæй йæ бафæл-
варынмæ. 2Йæ бирæ фæсдзæуинтимæ йын
Йерусалиммæ теуатыл æрбаласта бирæ
хъæздыг лæвæрттæ: хæрздæфгæнæнтæ,
тынг бирæ сыгъзæрин æмæ хæзнадуртæ.

Соломонмæ куы бацыд, уæд ын, йæ зæр-
дæйы цыдæриддæр уыд, уыдæттæ фæдзырд-
та. 3Æмæ йын Соломон йæ фæрстытæй иу
дæр æнæдзуапп нæ ныууагъта.

4Савайы ус-паддзахæн фыр дисæй йæ
зæрдæ ныссæххæтт кодта, Соломоны куы-
рыхон зонд ын иууылдæр куы сбæрæг, уæд.
Афæлгæсыд ын йæ галуаныл дæр, 5федта
йын йæ дзаг фынгтæ, йæ барджынтæ цы
агъуыстыты бадынц, лæггадгæнджытæ аив
дарæсты куыд лæггад кæнынц, дзагдарты
дæр сæ аив дарæсты. Ноджы ма федта, Соло-
мон Дунедарæджы Кувæндоны цы иуылсу-
дзинаг нывæндтæ хæссыны уаг æрæвæрдта,
уый дæр. Æмæ йæхи нал баурæдта Савайы
ус-паддзах. 6Уый Соломонæн загъта: «Сава-
йы дæу тыххæй цы хабæрттæ фехъуыстон,
дæ хъуыддæгтæ æмæ дæ куырыхон зонды
тыххæй, уыдон æцæг разындысты. 7Фæлæ
мæ нæ уырныдтой, цалынмæ дæм æрба-
цыдтæн æмæ дæ мæхи цæстытæй федтон,
уæдмæ. Дæ куырыхон зонд æмæ дæ хъæз-
дыг исбон дзæвгар фылдæр куы сты, æз сæ
цы фехъуыстон, уымæй. Æппæт уыдæттæн
мын се 'мбисы бæрц дæр нæ радзырдтой.
8Тæхудиаг сты, æдзух дæ разы лæууыны
æмæ дæ куырыхон ныхасмæ хъусыны фадат
кæмæн ис, уыдон — дæ адæм æмæ, лæггад
дын чидæриддæр кæны, уыдон. 9Арфæгонд
уæд Дунедарæг, дæ Хуыцау, æхцон Кæмæн
уыдтæ æмæ дæ Израилы паддзахы къæ-
лæтджыны Чи сбадын кодта! Дунедарæг
Израилы адæмы мыггагмæ кæй уарзы, уый
тыххæй дæ скодта сæ паддзах, цæмæй сын
хæссай рæстаг тæрхон».

10Æмæ Савайы ус-паддзах Соломонæн
балæвар кодта сыгъзæрины æхсæзыссæдз
таланты, тынг бирæ хæрздæфгæнæнтæ æмæ
хæзнадуртæ. Савайы ус-паддзах паддзах
Соломонæн цы диссаджы хæрздæфгæнæнтæ
балæвар кодта, ахæмтæ уæды онг никуыма
ничи федта.

11Хирамы наутæ дæр, Соломонæн Офи-
рæй сыгъзæрин чи ласта, уыдон, уырдыгæй
ноджыдæр æрбаластой тынг бирæ зынаргъ
хъæдæрмæг æмæ хæзнадуртæ. 12Уыцы хъæ-
дæрмæгæй Соломон Дунедарæджы Кувæн-
дон æмæ йæ Галуанæн скодта цæджындзтæ.
Ноджы ма дзы Кувæндоны зарæггæнджытæн
скодта хъисфæндыртæ æмæ дыууадæстæ-
нонтæ. Ахæм диссаджы хъæдæрмæг ныронг
никуыма æрбафтыд Йерусалиммæ.

13Паддзах Соломон йæхæдæг дæр Савайы
ус-паддзахы сбуц кодта йæ лæвæрттæй, но-
джы ма йын радта, йæ зæрдæ цыдæриддæр
загъта æмæ дзы йæхи дзыхæй цыдæриддæр
ракуырдта, уыдæттæ дæр. Æмæ Савайы
ус-паддзах йæ фæсдзæуинтимæ сæхимæ
аздæхт.

14Соломонмæ æрвылаз цы сыгъзæрин
æфтыд, уымæн йæ уæз уыди æхсæзсæдæ
æхсай æхсæз таланты. 15Уымæй уæлдай
ма йæм сыгъзæрин хæццæ кодта йæ базар-
гæнджытæ æмæ йæ сæудæджерты куыстæй,
стæй йæ бæстыхицæуттæй æмæ Аравийы
паддзæхтæй дæр.

[16]Соломон скодта дзæбугæй цагъд æмæ
сыгъзæринæй астæрд дыууæсæдæ стыр
уарты, алкæмæн дæр дзы йæ сыгъзæрины
уæз уыди æхсæзсæдæ шекелы. [17]Нoджы ма
скодта æртæсæдæ чысыл уарты, уыдон дæр
дзæбугæй цагъд сыгъзæринæй астæрд, сæ
сыгъзæрины уæз уыди фæйнæ æртæ ми-
нæйы. Паддзах уыцы уартытæ ийуылдæр
бафснайдта Ливайнаг хъæдæй фæлыст
галуаны. [18]Соломон пылыстæгæй скодта
паддзахы егъау къæлæтджын æмæ йæ сас-
тæрдта сыгъдæг сыгъзæринæй. [19-20]Паддзахы
къæлæтджынмæ цыди æхсæз къæпхæны,
æмæ алы къæпхæнæн дæр йæ фæйнæ кæ-
роны лæууыди фæйнæ домбайы фæлгонцы,
цонгæнцайæнты цур дæр — фæйнæ домбайы
фæлгонцы. Йæ чъылдымыл сæрæй уыди
тымбыл æмбæрзæн конд. Ахæм диссаджы
къæлæтджын иунæг паддзахæн дæр нæ уыд.
[21]Соломонæн йæ нуазæнтæ уыдысты сыгъ-
зæринæй конд, йæ ливайнаг хъæдæй фæлыст
галуаны дзауматæ та ийуылдæр — сыгъдæг
сыгъзæринæй конд. Æвзист дзаумайæ йæм
ницы уыд, уымæн æмæ Соломоны заман
æвзистæн ницы кад уыди.
[22]Паддзахмæ уыдис, Таршишмæ цæуын-
хъом чи уыд, ахæм наутæ, æмæ йын уыдон
Хирамы денджызонтимæ æртæ азæй æртæ
азмæ ластой сыгъзæрин, æвзист æмæ пы-
лыстæг, стæй маймулитæ æмæ мæлхъытæ.
[23]Дунейы паддзæхты 'хсæн Соломоны
куырыхон зонд æмæ йæ хъæздыгæн æмбал
нæ уыд. [24]Алы бæстæтæй йæм цыдысты йæ
ныхæстæм байхъусынмæ, Хуыцау ын цы
куырыхон зонд балæвар кодта, уый фенын-
мæ. [25]Афæдзæй-афæдзмæ-иу ын уыдонæй
алчидæр æрбаласта йæ лæвæрттæ: æвзист
æмæ сыгъзæрин дзауматæ, хъæздыг да-
рæстæ, хæцæнгæрзтæ, хæрздæфгæнæнтæ,
бæхтæ æмæ хæргæфсытæ. [26]Соломон æртым-
был кодта бирæ тохуæрдæттæ æмæ бæхтæ.
Тохуæрдæттæ йæм уыди мин цыппарсæдæ,
хæстон бæхтæ та — дыууадæс мины. Дардта
сæ, тохуæрдæтты æфтауцуатæн цы сахартæ
сарæзта, уым, сæ иу хай та сын ныууагъта
йæхимæ, Йерусалимы.
[27]Соломоны заманы æвзист Йерусалимы
арæх уыди хуымæтæг дурау, кедр та, хохрæ-
бын цы сикомортæ зайынц, уыдонау.
[28]Соломонæн бæхтæ ластой Мысыр æмæ
Кувæйæ. Уым-иу сæ бæлвырд аргъыл бал-
хæдтой паддзахы сæудæджертæ. [29]Тохуæр-
дæттæ дæр ластой Мысырæй, иу уæрдоны
аргъ уыди æвзисты æхсæзсæдæ шекелы,
иу бæхы аргъ та — æвзисты сæдæ фæндзай
шекелы. Соломоны сæудæджертæ-иу тох-
уæрдæттæ æмæ бæхтæ хеттаг æмæ сириаг
паддзæхтæм дæр фæхæццæ кодтой.

**11** Фараоны чызгæй уæлдай ма Соломон
бауарзта бирæ æндæрбæстаг сылгоймæгты
дæр: моавæгты, аммонæгты, едомæгты, си-
дойнæгты, хеттæгты, [2]кæд æмæ Дунедарæг
израилæгтæн уыцы адæмты тыххæй афтæ
фæдзæхста, семæ хæстæгдзинад ма бакæнут,
намæ уæ æнæмæнг сæ хуыцæуттæм кувы-
ныл фæцахуыр кæндзысты, зæгъгæ, уæддæр.
Фæлæ Соломоны зæрдæ æгæр уарзæгой ра-
зынд уыцы æндæрбæстаг сылгоймæгтæм.
[3]Уыди йын авдсæдæ усы, уæздан мыггæг-
тæй, стæй æртæсæдæ номылусы, æмæ йын
йæ зæрдæ Хуыцаумæ æруазал кодтой. [4]Куы
базæронд ис, уæд æй фæцахуыр кодтой æн-
дæр хуыцæуттæм кувыныл, æмæ йæ фыд
Давидау тынг æнувыд уыди Дунедарæгыл,
йæ Хуыцауыл, зæгъгæ, уый зæгъæн дзы нал
уыд. [5]Соломон райдыдта кувын сидойнæгты
ус-хуыцау Астартæмæ æмæ аммонæгты æл-
гъаг Милкоммæ. [6]Дунедарæгæн æнæуынон
цы у, уыдæттыл бафтыд, йæ фыд Давидæй
хъауджыдæр, зæрдиаг æмæ удуæлдай лæг-
гад нал кодта Дунедарæгæн.
[7]Уыцы заман Соломон Йерусалимы скæ-
сæнварс хохыл моаваг æлгъаг Кемошæн æмæ
аммонаг æлгъаг Молохæн скодта фæйнæ
кувæн къуыбыры. [8]Ахæм кувæн къуыбыртæ
скодта йе 'ппæт æндæрбæстаг устыты хуы-
цæуттæн дæр, æмæ сын уыдон уымыты сæ
номыл сыгътой буд æмæ кодтой кусæрттæ.
[9-10]Дунедарæг уыдæтты тыххæй смæсты
ис Соломонмæ. Кæддæр æм дыууæ хатты
фæзынд æмæ йын дыууæ хатты дæр бафæ-
дзæхста, æндæр хуыцæуттæм ма кув, зæгъгæ.
Фæлæ ныр Соломон Дунедарæджы, Израилы
Хуыцауы, уыцы фæдзæхст нал æххæст код-
та. [11]Уæд ын Дунедарæг загъта: «Афтæ кæй
кæныс, не 'хсæн цы фидыд уыд, уый кæй
фехæлдтай æмæ дын цы уагæвæрдтæ рад-
тон, уыдон кæй не 'ххæст кæныс, уый тых-
хæй дын Æз дæ паддзахдзинад байсдзынæн
æмæ йæ дæ цагъарæн ратдзынæн. [12]Æцæг
дын, дæ фыд Давиды сæр нымайгæйæ, де
'гасæй нæ бакæндзынæн уыцы хъуыддаг.
Дæ паддзахдзинад дын ратондзынæн дæ
фырты къухтæй. [13]Фæлæ уый къухтæй дæр
паддзахдзинад æнæхъæнæй нæ байсдзы-
нæн. Дыууадæс хæдзарвæндагæй ма йын
иуы ныууадздзынæн, мæ цагъар Давиды
сæр нымайгæйæ, стæй, Йерусалимы сахар
кæй равзæрстон, уый фæрцы».

14Дунедарæг Соломонæн йæ ныхмæ
сардыдта йе знаджы: Едомы паддзæхты
мыггаджы байзæддаг Хадады. 15-17Кæддæр
Давид едомæгтимæ куы хæцыд, уæд ма
Хадад чысыл лæппу уыд æмæ йæ фыды фæс-
дзæуинтæй цалдæримæ Мысырмæ алыгъд.
Уымæн æмæ уыцы заман Давиды æфсады
хицау Йоав араст, Едомы зæххыл израилаг
хæстонтæй чи фæмард, уыдоны мæрдтæ
баныгæнынмæ æмæ йе ’фсадимæ Едомы
фæци æхсæз мæйы бæрц, цалынмæ сын сæ
нæлгоймæгты иууылдæр ныццагъта, уæдмæ.
18Хадад йæ фæсдзæуинтимæ араст ис Ми-
дианæй, æмæ бахæццæ сты Паранмæ. Уыр-
дыгæй ма семæ ракодтой иу къорд лæджы
æмæ ацыдысты фараонмæ, Мысыры пад-
дзахмæ. Фараон Хададæн радта хæдзар æмæ
зæххы хай, фæкасти йæм хæлцæй дæр. 19Фа-
раоны зæрдæмæ афтæ тынг фæцыди Хадад,
æмæ йын бинойнагæн радта йæ ус-æхсин
Тахпенесы хойы. 20Тахпенесы хо Хададæн
ныййардта фырт, йæ ном Генуват. Тахпенес
бафæдзæхста, цæмæй йæ хъомыл кæной
фараоны галуаны, æмæ Генуват галуаны
царди фараоны фырттимæ иумæ.
21Хадад Мысыры фехъуыста, зæгъгæ, Да-
вид йæ фыдæлты размæ бацыд, йе ’фсады
хицау Йоав дæр амард, æмæ фараонмæ ба-
хатыд: «Бар мын ратт, æмæ мæ фыдызæхмæ
ацæуон». 22Фараон æй бафарста: «Исты хъуаг
мæм æййафыс, мыййаг? Цæмæн дæ фæнды
дæ фыдызæхмæ ацæуын?» Хадад ын дзуапп
радта: «Æз хъуаг ницæмæй æййафын, фæлæ
дæ уæддæр курын, ауадз мæ».
23Хуыцау Соломоны ныхмæ сардыдта Ел-
йадайы фырт Резоны дæр. Уый алыгъд йæ
паддзахæй — Цовайы паддзах Адад-Езерæй,
24Давид Адад-Езерæн йе ’фсад куы ныддæ-
рæн кодта, уæд Резон æрæмбырд кодта адæ-
мы, сæ балхон сси æмæ иуахæмы бабырста
Дамаскмæ, бацахста йæ, æмæ йæ уым адæм
спаддзах кодтой. 25Афтæмæй Резон сси Сири-
йы паддзах æмæ, цалынмæ Соломон царди,
уæдмæ уый дæр Хададау æдзух архайдта
Израилы ныхмæ, кастис æм фыдгулы цæс-
тæй. 26Соломоны лæггадгæнджытæй дæр иу,
Йоровам, зæгъгæ, ефремон, паддзахы ных-
мæ сыстади. Йоровам, Наваты фырт, уыди
Цередайы сахарæй, йæ фыд æгас нал уыд
æмæ йæ мад Цериа царди идæдзæй. 27Ныр
паддзахы ныхмæ кæй фæци, уымæн та йæ
хъуыддаг уыди афтæ. Соломон ногæй аразын
райдыдта Миллойы зылд, æмпъызта йæ фыд
Давиды сахары быруйы хуынкъ. 28Йоро-
вам та æрыгон, фæлæ сæрæн лæг уыд. Æмæ,
хъуыддаджы лæг кæй у, уый Соломон куы
федта, уæд æй Йосеф æмæ Менассиайы хæ-
дзарвæндаджы зæххыл бегарайы куыстытæм
скодта цæстдарæг. 29Уыцы заман Йоровам
рацыд Йерусалимæй, æмæ йыл фæндагыл,
йæ уæлæ ног пæлæз, афтæмæй амбæлд Ахи-
йа-пехуымпар, Силомы сахайраг. Сæхицæй
уæлдай сæ разы ничи уыд. 30Æмæ Ахийа йæ
ног пæлæз раласта, дыууадæс хæцъилыл æй
аскъуыдтæ кодта 31æмæ Йоровамæн загъта:
«Адонæй дæс хæцъилы дæхицæн айс. Дуне-
дарæг, Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы: „Æз
Соломоны къухæй байсдзынæн паддзахад
æмæ дын дыууадæс хæдзарвæндагæй дæс
дæ къухы бакæндзынæн. 32Соломонæн ма
дзы, Мæ цагъар Давиды сæр нымайгæйæ,
стæй, Мæхицæн Израилы æппæт хæдзар-
вæндæгты зæххытæй цы сахар равзæрстон,
уыцы Йерусалимы сæраппонд ныууадздзы-
нæн иу. 33Афтæ сæ уый тыххæй бафхæринаг
дæн, æмæ Мæныл сæхи атигъ кодтой æмæ
райдыдтой кувын сидойнæгты ус-хуыцау
Астартæмæ æмæ Кемошмæ, моавæгты хуы-
цаумæ, стæй Милкоммæ, аммонæгты хуы-
цаумæ. Соломоны фыд Давидæй хъауджыдæр
адон Мæ фæдыл нал цæуынц, Æз растыл
цы нымайын, уыдæттæ нал кæнынц, Мæ
уагæвæрдтæ æмæ Мын мæ амындтытæ нал
æххæст кæнынц. 34Æцæг, паддзахад Соло-
монæн йæхи къухæй нæ байсдзынæн. Йæ
амæлæты бонмæ йын æй ныууадздзынæн,
Мæ амындтытæ æмæ Мын Мæ уагæвæрдтæ
чи æххæст кодта, кæй равзæрстон, Мæ уы-
цы цагъар Давиды сæр нымайгæйæ. 35Уый
фæстæ йæ байсдзынæн йæ фырты къухæй
æмæ дзы дæуæн ратдзынæн дæс хæдзарвæн-
даджы, 36уый фыртæн та дзы ратдзынæн иу
хæдзарвæндаг, цæмæй Мæхицæн, Мæ ном
дзы цæра, зæгъгæ, кæй равзæрстон, уыцы
сахар Йерусалимы мæ лæггадгæнæг Давиды
цырагъ макуы ахуысса. 37Дæу та Æз паддза-
хæй æвзарын, æмæ паддзахиуæг кæндзынæ,
цæуыл дæ бафæнда, ууыл цæудзæн дæ бар,
ды уыдзынæ Израилы паддзах. 38Æмæ дын
цыдæриддæр бафæдзæхсон, уый Мын, Мæ
цагъар Давидау, куы аразай, Мæ фæдыл куы
цæуай, Æз растыл цы нымайын, уыдæттыл
дæхи куынæ тигъ кæнай æмæ Мын Мæ уа-
гæвæрдтæ æмæ Мæ амындтытæ куы æххæст
кæнай, уæд дыл ауддзынæн. Давидау дæуæн
дæр дæ паддзахы хæдзарвæндаг сфидар
кæндзынæн мыггагмæ, Израил дын бакæн-
дзынæн дæ къухы. 39Давиды байзæддæгтæ
мыл сæхи кæй атигъ кодтой, уый тыххæй
сæ бафхæрдзынæн, фæлæ мыггагмæ нæ“».

40Соломон бахъавыд Йоровамы амарынмӕ,
фӕлӕ уый ӕвӕстиатӕй алыгъди Мысырмӕ,
Мысыры паддзах Шишакмӕ, ӕмӕ Соломоны
амӕлӕты бонмӕ царди уым.
41Соломонӕн йӕ иннӕ хабӕрттыл та, йӕ
хъуыддӕгтӕ ӕмӕ йӕ куырыхон зондыл
дзырдӕуы Соломоны хъуыддӕгты чиныджы.
42Соломон Израилӕн Йерусалимы паддзахи-
уӕг фӕкодта дыууиссӕдз азы. 43Куы амарди,
уӕд ӕй бавӕрдтой йӕ фыд Давиды сахары.
Йӕ фӕстӕ паддзах сси йӕ фырт Роховам.

**12** Роховам фӕцыди Шехеммӕ, уымӕн
ӕмӕ уырдӕм ӕрӕмбырд сты ӕппӕт Из-
раилы адӕм, цӕмӕй йӕ спаддзах кӕной.
2-3Израилӕгтӕ арвыстой, кӕддӕр паддзах
Соломонӕй Мысырмӕ чи алыгъд, уыцы
Йоровыммӕ дӕр, Наваты фыртмӕ. Уый Мы-
сырӕй фӕстӕмӕ ӕрбаздӕхт ӕмӕ ныр уыди
Шехемы. Ӕмӕ Йоровам ӕмӕ Израилы хӕ-
дзарвӕндӕгты минӕвӕрттӕ бахатыдысты
Роховаммӕ: 4«Кӕддӕр ныл дӕ фыд уӕззау
ӕфсондз сӕвӕрдта, ӕмӕ дӕ курӕм: нӕ ку-
ыст нын фӕрогдӕр кӕн, ӕмӕ дын мах лӕг-
гад кӕндзыстӕм». 5Уый сын дзуапп радта:
«Ацӕут уал, иннӕбон мӕм ӕрбацӕудзыстут».
Адӕм куы ацыдысты, 6уӕд паддзах Рохо-
вам бафарста, йӕ фыд Соломонӕн йӕ зама-
ны чи лӕггад кодта, уыцы фӕлтӕрдджын
хистӕрты: «Исты-ма мын зӕгъут! Цы дзуапп
раттон ацы адӕмӕн?» 7Уыдон ын загътой:
«Абон сын ды лӕггадгӕнӕг куы суай ӕмӕ
сӕ лӕгъз ныхасӕй куы барӕвдауай, уӕд
дын цӕрӕнбонты уыдзысты иузӕрдион
лӕггадгӕнджытӕ».
8Фӕлӕ Роховам ницӕмӕ ӕрдардта хис-
тӕрты уынаффӕ ӕмӕ бафарста йе 'мгар
лӕппуты, кӕимӕ сырӕзт ӕмӕ йын ныр
лӕггад чи кодта, уыдоны: 9«Сымах та мын
цы бауынаффӕ кӕндзыстут? Цы зӕгъон ацы
адӕмӕн? Курынц мӕ, цӕмӕй сын фӕрогдӕр
кӕнон, мӕ фыд сыл цы уӕззау ӕфсондз
сӕвӕрдта, уый». 10Йе 'мгӕрттӕ йын дзуапп
радтой: «Дӕ фыд ныл цы уӕззау ӕфсондз
сӕвӕрдта, уый нын фӕрогдӕр кӕн, зӕгъгӕ
дын цы адӕм дзурынц, уыдонӕн афтӕ зӕгъ:
„Мӕ кӕстӕр ӕнгуылдз мӕ фыды агъдӕй
ставддӕр у, 11ӕмӕ уыл кӕд мӕ фыд уӕззау
ӕфсондз сӕвӕрдта, уӕд уын ӕй ӕз та но-
джы фӕуӕззаудӕр кӕндзынӕн. Мӕ фыд
уӕ ӕфхӕрдта хуымӕтӕг ехсытӕй, ӕз та
уӕ ӕфхӕрдзынӕн сындзджын ехсытӕй“».
12Ӕртыккаг бон Йоровам ӕмӕ ӕппӕт
дзыллӕ ӕрбацыдысты паддзах Роховаммӕ,
ныхасгонд куыд уыдысты, афтӕ. 13Ӕмӕ сын
паддзах радта цӕхгӕр дзуапп. Хистӕрты
уынаффӕ ницӕмӕ ӕрдардта, 14фӕлӕ бай-
хъуыста йе 'мгӕртты уынаффӕмӕ ӕмӕ адӕ-
мӕн загъта: «Мӕ фыд уыл уӕззау ӕфсондз
сӕвӕрдта, ӕз та уын ӕй ноджы уӕззаудӕр
фӕкӕндзынӕн. Мӕ фыд уӕ ӕфхӕрдта ху-
ымӕтӕг ехсытӕй, ӕз та уӕ ӕфхӕрдзынӕн
сындзджын ехсытӕй.
15Паддзахмӕ адӕмы курдиат нӕ бахъард-
та, уымӕн ӕмӕ уый Дунедарӕджы фӕндон
уыд. Хъуамӕ сӕххӕст уыдаид, Дунедарӕг
силомаг Ахийайы уылты Наваты фырт Йо-
ровамӕн цы ныхас загъта, уый».
16Израилы адӕм куы федтой, паддзах
сын сӕ курдиат ницӕмӕ дары, уый, уӕд ын
загътой: «Чи нын у ныр Давид? Цы ма нын ис
иумӕйагӕй Йессейы фыртимӕ? Ныххӕлиу
ут уӕ цатыртӕм, Израилы адӕм! Ныр сӕ
мыггаг сӕхи бар уӕд Давиды байзӕддагӕн!»
Ӕмӕ Израилы адӕм аздӕхтысты сӕ ца-
тыртӕм. 17Ӕрмӕст, Иудӕйы хӕдзарвӕнда-
джы сахарты цы израилӕгтӕ царди, уыдо-
нӕн паддзахӕй баззади Роховам.
18Паддзах Роховам йӕ хъалонисӕг ӕмӕ
бегарайы кусджыты хицау Адорамы хъалон
исынмӕ куы арвыста, уӕд ыл Израилы адӕм
дуртӕй ралӕууыдысты ӕмӕ йӕ амардтой.
Паддзах Роховам йӕхӕдӕг та уайсахат хӕ-
цӕн уӕрдоны баппӕрста йӕхи ӕмӕ алыгъди
Йерусалиммӕ. 19Афтӕ фӕтӕригъӕдджын
Израил, Давиды хӕдзарвӕндагыл йӕхи
куы атигъ кодта, уӕд, ӕмӕ ныронг дӕр
уӕрст сты.
20Израилы хӕдзарвӕндӕгты адӕм иу-
уылдӕр базыдтой, Йоровам Мысырӕй кӕй
ӕрбаздӕхт, уый, фӕдзырдтой йӕм се 'хсӕ-
нады ӕмбырдмӕ ӕмӕ йӕ спаддзах кодтой
сӕхицӕн. Паддзах Давиды байзӕддагыл ма
иузӕрдионӕй баззад ӕрмӕстдӕр Иудӕйы
хӕдзарвӕндаг.
21Роховам куыддӕр Йерусалиммӕ бахӕц-
цӕ ис, афтӕ Иудӕ ӕмӕ Бениамины хӕдзар-
вӕндӕгтӕй ӕрӕмбырд кодта сӕдӕ ӕстай
мин ӕвзаргӕ хӕстоны, цӕмӕй Израилимӕ
схӕцой ӕмӕ Соломоны фыртӕн йӕ паддза-
хад фӕстӕмӕ йӕ къухы бакӕной.
22Хуыцау пехуымпар Шемайайӕн загъта:
23«Соломоны фырт Роховамӕн, Иудейы пад-
дзахӕн, стӕй Иудӕ ӕмӕ Бениамины хӕдзар-
вӕндӕгты адӕмӕн, ноджы ма, израилӕгтӕй
Иудейы чи баззад, уыдонӕн се 'ппӕтӕн дӕр
зӕгъ!» 24Афтӕ зӕгъы Дунедарӕг: «Ма схӕцут
уе 'фсымӕртимӕ, Израилы адӕмимӕ! Алчи-
дӕр уӕ йӕ хӕдзармӕ аздӕхӕд, уымӕн ӕмӕ,
цыдӕриддӕр ӕрцыд, уый уыди Мӕ фӕндон!»

Адӕм байхъуыстой Дунедарӕджы ны-
хасмӕ ӕмӕ сӕ хӕдзӕрттӕм аздӕхтысты.
25Йоровам Ефремы къуылдымтыл раца-
рӕзта Шехемы сахар ӕмӕ уым ӕрцард. Фӕс-
тӕдӕр уырдыгӕй рацыд ӕмӕ рацарӕзта
сахар Пенуел. 26Йӕхинымӕр дзырдта: «Куы
ницы базмӕлон, уӕд, чи зоны, ӕмӕ пад-
дзахад ногӕй бахауа Давиды байзӕддаджы
къухмӕ. 27Ацы адӕм нывӕндтӕ хӕссыны
охыл Йерусалиммӕ куы цӕуой, Дунеда-
рӕджы Кувӕндонмӕ, уӕд сӕ зӕрдӕ фӕ-
фӕлмӕн уыдзӕни сӕ бардарӕг Роховаммӕ,
иудейаг паддзахмӕ, ӕмӕ мӕн амардзысты
ӕмӕ фӕстӕмӕ аздӕхдзысты уымӕ».

28Паддзах бауынаффӕ кодта ӕмӕ скӕнын
кодта дыууӕ сыгъзӕрин уӕныджы, стӕй
адӕмӕн загъта: «Йерусалиммӕ цӕуыны
сӕр уӕ нал хъӕуы, Израилы адӕм. Мӕнӕ
уын, Мысыры зӕххӕй уӕ чи ракодта, уӕ
уыцы Хуыцауы фӕлгонцтӕ!»
29Йоровам иу уӕныг сӕвӕрдта Вефилы,
иннӕ та — Даны. 30Ӕмӕ йӕ уыцы ми ра-
сайдта тӕригъӕдтӕ. Адӕм уӕнгуытӕн сӕ
иумӕ кувынмӕ цыдысты Данмӕ. 31Йоровам
ма уыдонӕй уӕлдай скодта кувӕн къуы-
быртӕ, уыдоныл та кувӕндӕттӕ ӕмӕ сын
сауджынтӕ сӕвӕрдта Левийы байзӕддагӕй
нӕ, фӕлӕ хуымӕтӕг адӕмӕй. 32Ӕстӕм мӕ-
йы фынддӕсӕм бон снысан кодта бӕрӕгбон,
иудейаг бӕрӕгбон фӕзмгӕйӕ, ӕмӕ Даны
нывондхӕссӕныл ӕрхаста иууылсудзинӕг-
тӕ. Афтӕ бакодта Вефилы дӕр, цы уӕнгуытӕ
скӕнын кодта, уыдонӕн ӕрхаста нывӕнд-
тӕ. Вефилы цы кувӕн къуыбыртӕ скодта,
уыдонӕн сӕвӕрдта, йӕхӕдӕг кӕй снысан
кодта, уыцы сауджынты. 33Йӕхи фӕндӕй
кӕй снысан кодта, ӕстӕм мӕйы фынддӕсӕм
бон, уыцы бон Израилы адӕмӕн Вефилы
скодта бӕрӕгбон, уым цы нывондхӕссӕн
сарӕзта, уыыл ӕрхаста иууылсудзинӕгтӕ.
Афтӕмӕй-иу нывондхӕссӕны цурмӕ бацыд
йӕхӕдӕг, нывӕндтӕ йыл ӕрхӕссынмӕ ӕмӕ
йыл буд басудзынмӕ.

**13** Йоровам нывӕндтӕ ӕрхӕссыны охыл
нывондхӕссӕны цур куыд лӕууыд, афтӕ
Иудейӕ Вефилмӕ, Дунедарӕджы дзырдмӕ
гӕсгӕ, ӕрбацыд иу пехуымпар, Хуыцауы
ӕвзӕрст лӕг. 2Нывондхӕссӕны ’рдӕм Ду-
недарӕджы фӕдзӕхстӕй ныхъхъӕр кодта:
«Нывондхӕссӕн, нывондхӕссӕн! Дунеда-
рӕг афтӕ зӕгъы: Давиды хӕдзарвӕндаджы
рантысдзӕни фырт, йӕ ном — Иосиа. Ӕмӕ
дыл уый нывондӕн ӕрхӕсдзӕни кувӕн
къуыбырты сауджынты, дӕуыл нывӕнд-
тӕ чи хӕсдзӕн, уыдоны, басудздзӕни дыл
адӕймӕгты стджытӕ».
3Хуыцауы ӕвзӕрст лӕг тӕккӕ уыцы бон
равдыста нысан. Загъта: «Мӕнӕ, ацы ныхас
Дунедарӕг кӕй загъта, уый нысан: ныртӕк-
кӕ ацы нывондхӕссӕн ныппырх уыдзӕн
ӕмӕ, йӕ уӕлӕ цы сойдзыд фӕнык ис, уый
ӕркӕлдзӕн».
4Паддзах Йоровам, Хуыцауы ӕвзӕрст лӕг
Вефилы нывондхӕссӕны тыххӕй цы загъта,
уый куы фехъуыста, уӕд ӕм нывондхӕссӕ-
ны цурӕй йӕ къухӕй ацамыдта ӕмӕ загъта:
«Хӕцут ыл!»
Фӕлӕ йӕ къух ӕвиппайды ныхъхъӕдӕг
ис ӕмӕ бандзыг, ӕрбатасын ын нал куымд-
та. 5Нывондхӕссӕн афасти, йӕ сойдзыд
фӕнык йӕ сӕрӕй ракалд, ӕмӕ афтӕмӕй
сӕххӕст ис, Дунедарӕджы ныхасӕй Хуыца-
уы ӕвзӕрст лӕг цы нысан загъта, уый. 6Уӕд
паддзах Хуыцауы ӕвзӕрст лӕгӕн загъта:
«Дунедарӕг Хуыцауы зӕрдӕ мӕм фӕфӕл-
мӕн кӕн, бакув Ӕм мӕн тыххӕй, цӕмӕй
мын мӕ къух фӕстӕмӕ сдзӕбӕх кӕна ӕмӕ
та мын тасын райдайа».
Хуыцауы ӕвзӕрст лӕг Дунедарӕгмӕ ску-
ывта, ӕмӕ та паддзахӕн йӕ къух раздӕрау
йӕ коммӕ кӕсын райдыдта. 7Паддзах Ху-
ыцауы ӕвзӕрст лӕгӕн загъта: «Мидӕмӕ
мӕм саккаг кӕн ӕмӕ мын мӕ цӕхх, мӕ
къӕбӕрӕй саход. Ноджы ма дын исты лӕвар
дӕр ратдзынӕн».
8Фӕлӕ Хуыцауы ӕвзӕрст лӕг паддзахӕн
загъта: «Дӕ паддзахады ӕмбис мын куы
дӕттай, уӕддӕр дӕм нӕ бацӕудзынӕн ӕмӕ
ацы бынаты дӕ къӕбӕрӕй дӕр ӕмӕ дӕ
донӕй дӕр нӕ саходдзынӕн, 9уымӕн ӕмӕ
мын Дунедарӕг бафӕдзӕхста, уыцы ран
мадӕр къӕбӕры, мадӕр доны хъӕстӕ фӕу,
фӕстӕмӕ дӕр-иу, уырдӕм цы фӕндагыл
бацыдтӕ, уыцы фӕндагыл ма рацу, зӕгъгӕ».
10Ӕмӕ Вефилӕй сӕхимӕ ӕндӕр фӕнда-
гыл аздӕхт.
11Вефилы церди иу зӕронд пехуымпар.
Йӕ фырттӕ йӕм ӕрбацыдысты ӕмӕ йын
радзырдтой, уыцы бон Хуыцауы ӕвзӕрст
лӕг Вефилы цы бакодта ӕмӕ паддзахӕн
цы загъта, уыдӕттӕ. 12Сӕ фыд сӕ бафарста:
«Кӕцы фӕндагыл ацыди?»
Йӕ фырттӕ йын бацамыдтой, Иудейӕ чи
ӕрбацыд, уыцы адӕймаг, Хуыцауы ӕвзӕрст
лӕг, цы фӕндагыл аздӕхти, уый. 13Уӕд сын
загъта: «Хӕрӕг-ма мын сифтындзут!» Хӕрӕг
ын куы сивтыгътой, уӕд ыл пехуымпар сбад-
ти 14ӕмӕ араст ис Хуыцауы ӕвзӕрст лӕджы

фæдыл. Баййæфта йæ тулдзы бын бадгæ
æмæ йæ бафарста: «Хуыцауы æвзæрст лæг
ды дæ, Иудейæ чи æрбацыд, уый?» Дзуапп
ын радта: «О, æз дæн». 15Бахатыд æм: «Мæ
хæдзармæ саккаг кæн æмæ мын мæ цæхх,
мæ къæбæр фен». 16Хуыцауы æвзæрст лæг ын
загъта: «Мæ бон нæу раздæхын демæ, уымæн
æмæ мын ацы бынаты къæбæр хæрæн дæр
æмæ дон нуазæн дæр нæй. 17Дунедарæг мын
загъта, уыцы ран мадæр къæбæры, мадæр
доны хъæстæ фæу, фæстæмæ дæр-иу, уыр-
дæм цы фæндагыл бацыдтæ, уыцы фæнда-
гыл ма рацу, зæгъгæ».

18Зæронд лæг та йын загъта: «Æз дæр пеху-
ымпар дæн дæуау. Дунедарæджы дзырдæй
мын зæд бафæдзæхста, дæ хæдзармæ йæ
бахон æмæ къæбæр дæр бахæрæд æмæ дон
дæр бануазæд, зæгъгæ».

Асайдта йæ, 19æмæ уæд уый йемæ раздæхт
æмæ йын йæ хæдзары хæргæ дæр бакодта
æмæ нуазгæ дæр. 20Фынгыл ма куыд бадтыс-
ты, афтæ, фæстæмæ йæ чи раздæхта, уыцы
пехуымпары дзыхы Дунедарæг бавæрдта
йæ ныхас, 21æмæ уый ныхъхъæр кодта йæ
иудейаг уазæгыл: «Афтæ зæгъы Дунедарæг!
Дунедарæджы коммæ кæй нæ бакастæ, цы
дын бафæдзæхста, уый кæй нæ сæххæст
кодтай, 22фæстæмæ кæй раздæхтæ æмæ дын
Дунедарæг цы бынатæй загъта, мадæр дзы
хæргæ бакæн, мадæр нуазгæ, зæгъгæ, уым
хæргæ дæр æмæ нуазгæ дæр кæй бакодтай,
уый тыххæй дæ мард дæ фыдæлты зæппадзы
æвæрд не 'рцæудзæн!»

23Хæрд æмæ нозт куы ахицæн сты, уæд
фысым Хуыцауы æвзæрст лæгæн йæ хæрæг
балæвар кодта, сифтыгъта йын æй, 24æмæ
уазæг адардта йæ фæндаг. Иу ран Хуыцауы
æвзæрст лæгыл иу домбай йæхи ныццавта
æмæ йæ амардта, æмæ йæ мард фæндагыл
баззад. Хæрæг æмæ домбай дæр лæууы-
дысты йæ разы. 25Йæ рæзты чи фæцæйцыд,
уыдон федтой марды дæр æмæ йæ цуры
домбайы дæр, æмæ, зæронд пехуымпар цы
сахары царди, уырдæм куы бахæццæ сты,
уæд уыцы хабар радзырдтой. 26Фæндагæй
йæ чи раздæхта, уыцы пехуымпар хабар куы
фехъуыста, уæд загъта: «Уый, Дунедарæгмæ
чи нæ байхъуыста, уыцы Хуыцауы æвзæрст
адæймаг у. Дунедарæг æй домбайы аматтаг
бакодта, æмæ йæ уый Дунедарæджы дзыр-
дæй аргæвста».

27Пехуымпар йæ фырттæн загъта: «Хæрæг
мын сифтындзут».

Сифтыгътой йын æй, 28æмæ лæг араст
æмæ фæндагыл ссардта марды, йæ цуры
лæууыдысты хæрæг æмæ домбай. Домбай
марды дæр нæ бахордта, хæрæджы дæр нæ
аргæвста. 29Æмæ пехуымпар хæрæджы рагъ-
мæ сæргъæвта Хуыцауы æвзæрст лæджы
мард æмæ йæ фæстæмæ аласта Вефилмæ,
фæхъыг ыл кодта 30æмæ йæ бавæрдта йæхи
зæппадзы, фæкуыдта йыл, оххай-гъе, ме
'фсымæр, зæгъгæ. 31Уый фæстæ йæ фырт-
тæн бафæдзæхста: «Куы амæлон, уæд мæн
дæр ацы зæппадзы бавæрут, ацы Хуыца-
уы æвзæрст лæджы стджыты фарсмæ-иу
мын æрæвæрут ме стджытæ. 32Уымæн æмæ
æнæмæнг сæххæст уыдзæн, уый Дунедарæ-
джы фæдзæхстæй Вефилы нывондхæссæны
тыххæй æмæ, Самарийы сахарты цы мæнг
кувæндæттæ ис, æппæт уыдоны тыххæй
цы загъта, уый».

33Уыцы хабары фæстæ дæр Йоровам йæ
галиу митæ нæ ныууагъта. Бынæттон кувæн-
дæттæн-иу адæмæй сауджын суын кæйдæ-
риддæр бафæндыд, уый-иу сæвæрдта сау-
джынæй. 34Æмæ уыцы хъуыддаг тæригъæды
æппæрста Йоровамы мыггаджы, сæфтмæ йæ
кодта, бынсæфт-бынысқъуыдмæ йæ тардта.

**14** Уыцы заман Йоровамы фырт Авийа фæ-
рынчын ис. 2Æмæ Йоровам йæ бинойнагæн
загъта: «Дæ уæлæ æндæр дарæс скæн, мæ ус
дæ, уый куыд ничи базона, афтæ æмæ фæцу
Силоммæ. Уым цæры пехуымпар Ахийа; ацы
адæмæн паддзах кæй суыдзынæн, уый мын
рагацау загъта. 3Демæ йын ахæсс дæс дзулы,
гуылтæ æмæ мыды дурын. Уый дын зæгъ-
дзæн, нæ рынчын лæппу цы бауыдзæн, уый».

4Сылгоймаг бакодта, йæ мой йын куыд-
дæриддæр бафæдзæхста, афтæ. Силоммæ,
Ахийайы хæдзармæ, куы бахæццæ, уæд
федта, пехуымпар фыр зæрондæй куыд ба-
куырм ис, уый, йæ цæстытæ змæлгæ дæр
нал кодтой. 5Ныр Дунедарæг та Ахийайæн
рагацау загъта: «Ныртæккæ дæм æрбацæу-
дзæн Йоровамы ус æмæ дæ бафæрсдзæн йæ
рынчын лæппуйы тыххæй, æцæг йæхи афтæ
дардзæн, цыма дын æнæзонгæ у». Дуneда-
рæг Ахийайæн бацамыдта, сылгоймагæн
цы хъуамæ зæгъа, уый.

6Сылгоймаг къæсæрæй куыддæр æрба-
цæйхызт, афтæ йын Ахийа йæ къахуынæр
айхъуыста æмæ загъта: «Рахиз мидæмæ,
Йоровамы ус. Цыма уый ды нæ дæ, афтæ
дæхи цæмæн æвдисыс? Фыдохы уац мæм
ис дæуæн. 7Цу æмæ Йоровамæн фехъусын
кæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг, Израилы Ху-
ыцау: адæмы 'хсæнæй дæ ракодтон æмæ дæ
скадджын кодтон, Мæ адæмæн, Израилæн,

дæу скодтон фæтæг. 8Давиды байзæддагæй паддзахад байстон æмæ йæ дæ къухы бакодтон. Фæлæ дæумæ Мæ лæггадгæнæг Давиды миниуджытæй ницы разынд. Уый Мын æххæст кодта Мæ фæдзæхстытæ, Мæ фæндон, кодта Мын иузæрдион лæггад. 9Ды та, дæ размæ чи уыд, уыдонæй се 'ппæтæй дæр разындтæ æвзæрдæр. Иуварс Мæ фехстай дæ зæрдæйæ, дæхицæн скодтай æндæр хуыцæуттæ, джиппыуагъд гуымирытæ æмæ Мæ смæсты кодтай. 10Уымæ гæсгæ дын дæ хæдзаронты фыдбылызы амæттаг бакæндзынæн, цагъайраг уа æви сæрибар — Израилы адæмы 'хсæн Йоровамы хæдзарвæндагæй иу лæппу-байзæддаджы дæр нал ныууадздзынæн, фаджыс мæрзæгау се 'ппæты дæр рамæрздзынæн. 11Йоровамы адæмæй сахары мидæг чи амæла, уыдон куыйты хæринаг бауыдзысты, фæссахар чи амæла, уыдоны та тугдзых мæргътæ бахæрдзысты“.

Афтæ зæгъы Дунедарæг. 12Ды та дæ хæдзармæ ацу. Æцæг, куыддæр сахармæ бацæуай, афтæ дæ саби амæлдзæн. 13Фæхъыг ыл кæндзысты Израилы адæм æмæ йæ зæппадзы бавæрдзысты. Йоровамы хæдзаронтæй иунæг уый æрцæудзæни зæппадзы æвæрд, уымæн æмæ Дунедарæг, Израилы Хуыцау, иунæг уымæ ссардта хорз миниуджытæ. 14Дунедарæг Израилы сæргъы сæвæрдзæн æндæр паддзах, æмæ уый мыггагыскъуыд фæкæндзæн Йоровамы хæдзарвæндаг. Гъе афтæ, уæдæ куыд? Гъеныр æрцыди йе сæфт! 15Дунедарæг Израилы æрцæвдзæн, æмæ уый доны хъеллаугæнæг хъæзы хуызæн суыдзæн. Израилы адæмы сæ бындзарæй срæдувдзæн ацы сойджын зæххæй, кæддæр сын сæ фыдæлтæн кæй радта, уымæй. Евфраты доны фале сæ ныххæлиу кæндзæн, сæхицæн хъæдæй ус-хуыцау Ашерæйы цæджындзтæ кæй скодтой æмæ уымæй Дунедарæджы кæй смæсты кодтой, уый тыххæй. 16Израилы адæмы ныууадздзæн Йоровамы тæригъæдты тыххæй, стæй, Йоровам йæ адæмы тæригъæды азымы кæй баппæрста, уый тыххæй».

17Йоровамы ус куыддæр Тирцамæ бахæццæ æмæ сæ хæдзары къæсæрæй мидæмæ бахызт, афтæ йæ саби амарди. 18Бавæрдтой йæ æмæ йыл фæхъыг кодтой Израилы адæм, Дунедарæг пехуымпар Ахийайы уылты куыд загъта, афтæ.

19Йоровамы иннæ хъуыддæгтæ, йæ хæстон хабæрттæ æмæ, паддзахиуæг куыд кодта, уыдæттæ, фыст æрцыдысты «Израилаг паддзæхты азфыстыты чиныджы». 20Йоровам Израилæн паддзахиуæг фæкодта дыууæ æмæ ссæдз азы. Куы амарди, уæд йæ бæсты паддзах сси йæ фырт Надав.

21Соломоны фырт Роховам Иудейы паддзах куы сси, уæд ыл цыди иу æмæ дыууиссæдз азы. Дунедарæг Израилы хæдзарвæндæгты æппæт зæххытæй цы сахар равзæрста, Йæ ном дзы цæра, уый охыл, уыцы Йерусалимы Роховам паддзахиуæг фæкодта æвддæс азы. Йæ мад Наама уыди аммонаг чызг.

22Иудейæгтæ, Дунедарæгæн æнæуынон цы у, уыдæттæ кодтой, æмæ Йæ сæ тæригъæдтæй сæ фыдæлтæй тынгдæр мæсты кодтой. 23Алы бæрзонд хохыл æмæ алы къæбузджын бæласы бын арæзтой кувæн къуыбыртæ, табуйаг дуртæ æмæ Ашерæйы цæджындзтæ. 24Фæзындис сæм дины хъахбай лæгтæ дæр æмæ, Дунедарæг кæддæр Израилы адæмы цурæй кæй фæсырдта, уыцы адæмты æппæт æлгъаг митæ фæзмын байдыдтой.

25Роховамы паддзахиуæджы фæндзæм аз Мысыры паддзах Шишак бабырста Йерусалиммæ 26æмæ дзы рахаста Дунедарæджы Кувæндоны æмæ паддзахы галуаны хæзнатæ иууылдæр. Рахаста Соломоны конд сыгъзæрин уартытæ дæр. 27Роховам уыдоны бæсты скæнын кодта æрхуы уартытæ æмæ сæ паддзахы галуаны дуар хъахъхъæнджыты хицæутты бæрны бакодта. 28Æмæ-иу паддзах Дунедарæджы Кувæндонмæ куы цыди, уæд-иу уыцы уартытæ хастой йемæ цæуæг хъахъхъæнджытæ, стæй-иу сæ фæстæмæ хъахъхъæнджыты агъуыстмæ бахастой.

29Роховамы иннæ хъуыддæгтæ иууылдæр фыст æрцыдысты «Иудейаг паддзæхты азфыстыты чиныджы». 30Цæрæнбонты Роховам хæцыди Йоровамимæ. 31Куы амарди, уæд æй бавæрдтой йæ фыдæлты фарсмæ, Давиды сахары. Йæ мад уыди аммонаг чызг, Наама — йæ ном. Роховамы фæстæ паддзах сси йæ фырт Авиам.

**15** Наваты фырт Йоровамы паддзахиуæджы æстдæсæм аз Иудейæн паддзах сси Авиам. 2Йерусалимы паддзахиуæг фæкодта æртæ азы. Йæ мад уыди Авессаломы чызг Мааха. 3Авиам алцæмæй дæр фæзмыдта йæ размæ йæ фыды тæригъæдджын митæ. Йæ фыдæл Давиды хуызæн иузæрдион нæ уыди Дунедарæгыл, йæ Хуыцауыл. 4Фæлæ йын уæддæр Дунедарæг Хуыцау йæ паддзахы хæдзарвæндаджы цырагъ ахуыссын нæ бауагъта, йæ фæстæ йын паддзах скодта йæ фырты æмæ бахъахъхъæдта Йерусалим. Уыдæттæ бакодта Давиды сæр нымайгæйæ,

5уымæн æмæ Давид арæзта Дунедарæджы
фæндон хъуыддæгтæ. Уый йын цы бафæ-
дзæхста, уыдонæй цæрæнбонты ницы фе-
хæлдта, хеттаг Уриайæн цы бакодта, уымæй
дарддæр.
6Роховам æмæ Йоровамы 'хсæн цы хæсты-
тæ райдыдтой, уыдон цыдысты, цалынмæ
Авиам паддзахиуæг кодта, уæдмæ.
7Авиамы иннæ хъуыддæгтæ, цыдæриддæр
бакодта, уыдон, фыст æрцыдысты «Иудейаг
паддзæхты азфыстыты чиныджы». Авиам
æмæ Йоровамы 'хсæн цыди хæстытæ. 8Ави-
ам куы амарди, уæд æй бавæрдтой йæ фы-
дæлты фарсмæ, йæ фыдæл Давиды сахары.
Йæ фæстæ паддзах сси йæ фырт Аса.
9Израилы паддзах Йоровамы паддзахи-
уæджы ссæдзæм аз Иудейæн паддзах сси
Аса. 10Йерусалимы паддзахиуæг фæкодта иу
æмæ дыууиссæдз азы. Йæ фыдымад уыди
Авессаломы чызг Мааха.
11Аса, йæ фыдæл Давидау, арæзта Дунеда-
рæджы фæндон хъуыддæгтæ. 12Йæ зæххæй
фæсырдта муртаттаг кувæндæтты кусæг
нæлгоймаг æмæ сылгоймаг хъахбайты, ап-
пæрста, йæ фыдæлтæ цы хуыцаугæндтæ
скодтой, уыдон. 13Суанг ма йæ фыдымад
Маахайæн дæр айста йæ ус-паддзахы ка-
ды ном, Ашерæйы æлгъаг гуымиры кæй
саразын кодта, уый тыххæй. Аса бардзырд
радта, цæмæй уыцы гуымирыйы акъуырой
æмæ йæ Кедроны тæрфы басудзой. 14Æрмæст
кувæн къуыбыртæ нæ аивта. Фæлæ уæддæр
Аса цæрæнбонты иузæрдион уыди Дунеда-
рæгыл. 15Аса Дунедарæджы Кувæндонмæ
бахаста, йæ фыд дæр æмæ йæхæдæг дæр
Кувæндонæн цы снывонд кодтой, уыдон:
æвзист, сыгъзæрин æмæ алы дзауматæ.
16Аса цæрæнбонты хæцыди Израилы пад-
дзах Баасаимæ. 17Иуахæмы Израилы паддзах
Бааса бабырста Иудеймæ æмæ уым Рамайы
сахары аразын райдыдта фидар, цæмæй,
уыылты Иудейы паддзах Асамæ цы фæндаг
цæуы, уый æрæхгæна æмæ йыл дыууæрдæм
дæр цæуæн мауал уа. 18Уæд Аса йæ минæ-
вæртты арвыста Дамаскмæ, Сирийы паддзах
Бен-Хададмæ, Хезионы фырт Тавримоны
фыртмæ. Минæвæрттимæ йын арвыста лæ-
вæрттæ, Кувæндон æмæ галуаны хæзнадæт-
ты æвзист æмæ сыгъзæринæй цыдæриддæр
уыдис, уыдон æмæ сын бафæдзæхста, цæ-
мæй Сирийы паддзахæн зæгъой: 19«Демæ
мæ фæнды цæдис скæнын, мæ фыд æмæ
дæ фыды 'хсæн куыд уыдис, афтæ. Цæдисы
нысанæн дын æрвитын æвзист æмæ сыгъ-
зæрины лæвæрттæ æмæ дæ курын: Израилы
паддзах Баасаимæ дæ цæдис фехал æмæ
бацархай, цæмæй мæ арæнтæй айса йæхи».
20Бен-Хадад сразы ис паддзах Асайы фæн-
доныл æмæ йе 'фсæдтæ арвыста Израилы
ныхмæ. Уыдон бацахстой Израилы сахартæ
Ийон, Дан, Авел-Бет-Мааха, уыимæ Неффа-
лимы хæдзарвæндаджы æппæт зæхх, стæй
Киннереты алыварс зæххытæ иууылдæр.
21Бааса уыцы хабар куы базыдта, уæд ныу-
агъта Рамайы фидар аразын æмæ аздæхти
Тирцайы сахармæ.
22Ныр паддзах Аса та фæдзырдта иуде-
йæгтæм се 'ппæтмæ дæр, фæстаг лæджы онг
иууылдæр куыд æрбацæуой, афтæ. Рамайы
сахарæй сын рахæссын кодта, Бааса фидар
аразынæн дурæй, хъæдæй цыдæриддæр
æрмæг æрцæттæ кодта, уыдон æмæ уыцы
æрмæгæй ногæй рацарæзта, Бениамины
зæххыл цы сахартæ уыд, уыдон — Гевæ æмæ
Мицпа.
23Асайы иннæ хъуыддæгтæ иууылдæр, йе
'хсар, цы сгуыхтдзинæдтæ равдыста æмæ цы
сахартæ сарæзта, уыдоны тыххæй хабæрт-
тæ фыст æрцыдысты «Иудейаг паддзæхты
азфыстыты чиныджы». Зæрондырдæм йæ
къæхтæ риссын байдыдтой, æмæ цæуын-
хъом нал уыд. 24Аса куы амарди, уæд æй
бавæрдтой йæ фыдæлты фарсмæ, йæ фыдæл
Давиды сахары. Йæ фæстæ паддзах сси йæ
фырт Иосафат.
25Йоровамы фырт Надав Израилы паддзах
сси иудейаг паддзах Асайы паддзахиуæджы
дыккæгæм аз. Йæ паддзахиуæг ахаста дыу-
уæ азы. 26Йæ фыдау уый дæр, Дунедарæгæн
æнæуынон цы у, уыдæттæ кодта, фæзмыдта
йæ фыды тæригъæдджын митæ, Йоровам
Израилы адæмы цы тæригъæдты бафтыд-
та, уыдон.
27Ахийайы фырт Бааса, Иссахары хæдзар-
вæндагæй, йæ ныхмæ сусæгвæнд скодта
æмæ йæ амардта филистимаг сахар Гиббе-
тоны цур, Надав æмæ æгас Израил сахарыл
куы æрхъула кодтой, уыцы заман. 28Бааса
йæ амардта æмæ йæ бæсты паддзах сси
иудейаг паддзах Асайы паддзахиуæджы æр-
тыккæгæм аз. 29Бааса паддзах куы сси, уæд
Йоровамы мыггаг ныццагъта, иуы дæр дзы
нал ныууагъта, Дунедарæг йæ лæггадгæнæг
силомаг Ахийайы уылты куыд загъта, афтæ.
30Уыцы карз æфхæрд сыл æрцыдис, Йоровам
тæригъæдджын хъуыддæгтыл хæст кæй
уыди, Израилы адæмы дæр тæригъæдтыл
кæй бафтыдта æмæ уымæй Дунедарæджы,
Израилы Хуыцауы, кæй смæсты кодта, уый
тыххæй.

31 Надавы иннæ хабæрттæ, цыдæриддæр
бакодта, уыдон фыст æрцыдысты «Израилы
паддзæхты азфыстыты чиныджы». 32 Аса
æмæ Израилы паддзах Баасайы ’хсæн æдзух
цыди хæстытæ.

33 Иудейаг паддзах Асайы паддзахиуæджы
æртыккæгæм аз Ахийайы фырт Бааса Тир-
цайы сахары сси Израилы паддзах æмæ йын
паддзахиуæг фæкодта цыппар æмæ ссæдз
азы. 34 Бааса кодта, Дунедарæгæн æнæуынон
цы у, уыдæттæ, фæзмыдта, Израилы адæмы
тæригъæдты чи бафтыдта, уыцы тæригъæд-
джын Йоровамы.

**16** Иуахæмы Дунедарæг Хананийы фырт
Йегуйæн бафæдзæхста, цæмæй Дунедарæ-
джы номæй Баасайæн зæгъа: 2 «Ницæйаг
уыдтæ, уæддæр дæ скодтон Мæ адæмы,
Израилы, фæтæг. Фæлæ ды бафæзмыдтай
Йоровамы, Мæ адæмы Мын тæригъæдты
бафтыдтай, цæмæй Мæ мæсты кæной сæ
тæригъæдтæй. 3 Уымæ гæсгæ Æз мыггагы-
скъуыд фæкæндзынæн Баасайы дæр æмæ йæ
байзæддæгты дæр. Наваты фырт Йоровамы
мыггаджы куыд бафхæрдтон, афтæ йын йæ
мыггаг дæр бафхæрдзынæн. 4 Баасайы мыгга-
гæй сахары мидæг чи амæла, уыдон куыйты
хæринаг бауыдзысты, фæссахар чи амæла,
уыдоны та тугдзых мæргътæ бахæрдзысты».
5 Баасайы иннæ хъуыддæгтæ, йе ’хсар æмæ
йе сгуыхтытæ фыст æрцыдысты «Израилаг
паддзæхты азфыстыты чиныджы». 6 Куы
амарди, уæд æй бавæрдтой йæ фыдæлты
фарсмæ, Тирцайы сахары. Йæ фæстæ пад-
дзах сси йæ фырт Ела.

7 Ацы рагуац ныхас Дунедарæджы фæ-
дзæхстæй Хананийы фырт Йегу загъта Бааса
æмæ йæ мыггаджы ныхмæ, уымæн æмæ
Бааса, Дунедарæгæн æнæуынон цы митæ
уыдысты, уыдæттæ кодта, Йæ хъуыддæгтæй
Йæ æфхæрдта, Йоровамы тæригъæдтæ кæй
фæзмыдта, стæй ма ноджы Йоровамы мыггаг
кæй ныццагъта, уый тыххæй.

8 Иудейаг паддзах Асайы паддзахиуæджы
æхсæз æмæ ссæдзæм аз Баасайы фырт Ела
Тирцайы сахары сси Израилы паддзах. Йæ
паддзахиуæг ахаста дыууæ азы. 9 Йæ ных-
мæ йын сусæгвæнд скодта йе ’фсады хицау
Зимри. Уый уыди йæ тохуæрдæтты æфсадæн
йе ’мбисы хицау. Паддзах Тирцайы сахары,
йе ’ппæт исбон дæр кæй бæрны уыд, уыцы
Арцайы хæдзары куы фæрасыг, 10 уæд æм
Зимри бацыд æмæ йæ амардта.

Уыцы хъуыддаг æрцыд иудейаг паддзах
Асайы паддзахиуæджы авд æмæ ссæдзæм
аз, æмæ Елайы амæлæты фæстæ Зимри сси
Израилы паддзах. 11-12 Паддзахы бынат куы
бацахста, уæд ныццагъта Баасайы мыггаг. Иу
нæлгоймаг дæр дзы удæгасæй нал ныууагъта,
Дунедарæг Баасайы тыххæй пехуымпар Йе-
гуйы уылты куыд загъта, афтæ. Зимри йын
амардта суанг йæ хионтæ æмæ йæ лымæнты
дæр. 13 Ахæм карз æфхæрд сыл æрцыдис
Бааса æмæ йæ фырт Елайы тæригъæдты
аххосæй, ноджы ма, Израилы адæмы тæри-
гъæдты кæй бафтыдтой æмæ Дунедарæджы,
Израилы Хуыцауы, сæ ницæйаг гуымирытæй
кæй смæсты кодтой, уый тыххæй.

14 Елайы иннæ хабæрттæ иууылдæр фыст
æрцыдысты «Израилаг паддзæхты азфыс-
тыты чиныджы».

15 Иудейаг паддзах Асайы паддзахиуæджы
авд æмæ ссæдзæм аз Тирцайы сахары Из-
раилы паддзах сси Зимри. Йæ паддзахиуæг
æдæппæтæй ахаста авд боны.

Уыцы заман Израилы æфсад лæууыди фи-
листимаг сахар Гиббетоны ныхмæ. 16 Æмæ
Зимри паддзах Елайы ныхмæ сусæгвæнд
скодта æмæ йæ амардта, уый куы фехъуыс-
той, уæд, кæм æй амардта, уыцы ран тæккæ
уыцы бон Израилы æфсад сæхицæн паддза-
хæй расидтысты сæ хицау Амрийы.

17-18 Амри йе ’ппæт æфсадимæ Гиббетоны
цурæй абырста Тирцайы ’рдæм. Сахарыл
æрхъула кодта æмæ йæ куы бацахста, уæд
Зимри паддзахы галуаны гæнахмæ балыгъд,
арт бандзæрста галуаныл æмæ дзы йæхæ-
дæг дæр басыгъд. 19 Уыцы бæллæх ыл æрцыд
йæ тæригъæдты аххосæй, Дунедарæджы
раз æнæраст митæ кæй кодта, уый тыххæй.
Фæзмыдта Йоровамы тæригъæдджын ми-
тæ, уый Израилы адæмы цы тæригъæдты
бафтыдта, уыдон.

20 Зимрийы сусæгвæнд, стæй ма ноджы-
дæр, цы хъуыддæгтæ бакодта, уыдон фыст
æрцыдысты «Израилаг паддзæхты азфыс-
тыты чиныджы».

21 Израилы адæм дыууæ дихы фесты. Сæ иу
æмбис паддзахæй расидинаг уыдысты Гина-
ты фырт Тивнийы, иннæ æмбис та — Амри-
йы. 22 Амрийы фарсхæцджытæ фæуæлахиз
сты, Гинаты фырт Тивнийы фарс чи хæцыди,
уыдоныл, æмæ, Тимни куы фæмард ис, уæд
Израилæн паддзах сси Амри.

23 Амри Израилы паддзах сси Иудейы пад-
дзах Асайы паддзахиуæджы æртын фыццæ-
гæм аз. Паддзахиуæг кодта дыууадæс азы,
уыдонæй фыццаг æхсæз азы — Тирцайы
сахары. 24 Амри Семерæй æвзисты дыууæ
талантæй балхæдта Самарийы къуылдым,

сарæзта йыл сахар æмæ йæ схуыдта Самари,
йæ раздæры хицау Семеры номыл. 25Амри
дæр кодта, Дунедарæгæн æнæуынон цы у,
уыдæттæ. Йæ размæ цы паддзæхтæ уыд,
уыдонæй ноджы фыддæр фыдгæнæг ра-
зынд. 26Алцæмæй дæр фæзмыдта Наваты
фырт Йоровамы тæригъæдджын митæ, уый
Израилы адæмы цыдæриддæр тæригъæдты
бафтыдта, уыдон, æмæ Дунедарæджы, Из-
раилы Хуыцауы, смæсты кодта йæ ницæйаг
гуымирытæй.

27Амрийы иннæ хъуыддæгтæ æмæ йе
сгуыхтытæ фыст æрцыдысты «Израилы
паддзæхты азфыстыты чиныджы». 28Куы
амарди, уæд æй бавæрдтой йæ фыдæлты
фарсмæ, Самарийы сахары. Йæ фæстæ пад-
дзах сси йæ фырт Ахав.

29Амрийы фырт Ахав Израилы паддзах сси
иудейаг паддзах Асайы паддзахиуæджы æр-
тын æстæм аз. Самарийы сахары Израилæн
паддзахиуæг фæкодта дыууæ æмæ ссæдз
азы. 30Амрийы фырт Ахав дæр, Дунедарæгæн
æнæуынон цы у, уыдæттæ арæзта. Йæ размæ
цы паддзæхтæ уыд, уыдонæй басгуыхти
ноджы фыддæр фыдгæнæг. 31Наваты фырт
Йоровамы тæригъæдджын митæ кæй фæз-
мыдта, уый йын æгъгъæд нæ уыди, фæлæ
ма ракуырдта сидойнæгты паддзах Етбаалы
чызг Иезавелы æмæ кувын байдыдта Баалæн.
32Уымæн Самарийы цы кувæндон сарæзта,
уым ын скодта нывондхæссæн дæр. 33Но-
джы ма скодта Ашерæйы цæджындз дæр.
Йæ размæ Израилæн цы паддзæхтæ уыд,
уыдонæй ноджы тынгдæр агайдта Дунеда-
рæджы, Израилы Хуыцауы, маст.

34Ахавы паддзахиуæджы заман Вефилы
сахайраг Хиел ногæй рацарæзта Йерихоны
сахар. Сахарæн йæ бындур куы æрæвæрдта,
уæд амарди йæ фыццаг фырт Авирам, кул-
дуар ын куы скодта, уæд та — йæ кæстæр
фырт Сегув, кæддæр Дунедарæг Нуны фырт
Йешуайы уылты куыд загъта, афтæ.

**17** Галаадмæ балидзæг адæмæй иу лæг,
тишбийаг Илийа, Ахавæн загъта: «Сомы дын
кæнын Дунедарæгæй, Израилы Хуыцауæй,
лæггад Кæмæн кæнын, Уымæй: къорд азы
дæргъы нæ уыдзæни нæдæр къæвда, нæдæр
æртæх, цалынмæ æз нæ зæгъон, уæдмæ».

2Дунедарæг Илийайæн загъта: 3«Дæ сæр
бафснай. Ацу скæсæнæрдæм, Иорданы фа-
лемæ, æмæ уым къададон Кериты былгæрон
дæхи бамбæхс. 4Йæ донæй йын сæтдзынæ
дæ дойны, сынтытæн та Æз бафæдзæхстон,
æмæ дын хæринаг хæсдзысты уырдæм».

5Илийа Дунедарæгмæ байхъуыста, Иор-
даны фаллаг фарсмæ бахызт æмæ царди
Кериты былгæрон. 6Сынтытæ йын уырдæм
æрвылрайсом æмæ æрвылизæр хастой дзул
æмæ дзидза. Кериты донæй та Илийа саста
йæ дойны.

7Цасдæр рæстæджы фæстæ Кериты къада
бахуыскъ, уымæн æмæ къæвдатæ нал уарыд.
8Дунедарæг та Илийайæн загъта: 9«Ацу си-
дойнаг сахар Сарептæмæ æмæ уал уым цæр.
Æз уым иу идæдз усæн загътон, æмæ дæ уый
хæрд æмæ нозтæй цух нæ уадздзæн».

10Æмæ Илийа уырдыгæй араст ис Сарептæ-
мæ. Сахары кулдуармæ куы бахæццæ, уæд
дын кæсы, æмæ уым иу сылгоймаг артæн
каухалæнтæ æмбырд кæны. Фæдзырдта
йæм æмæ йын загъта: «Истæм-ма мын дон
рахæсс æмæ бануазон».

11Ус куы фæцæйуад, уæд ма йæ фæстæ
адзырдта: «Иу дзулы къæбæр дæр ма мын-иу
райс демæ». 12Уый йын загъта: «Сомы кæ-
нын Дунедарæгæй, дæ Хуыцауæй, къæбæры
мур мæм нæй. Æрмæстдæр мæм дурыны
мидæг ис иу армыдзаг ссад, хъуырауы ми-
дæг та — иу чысыл сой. Æмæ мæнæ суджы
дыууæ лыггаджы ахæссон, фæстаг хæринаг
скæнон мæхицæн æмæ мæ лæппуйæн, стæй
амæлдзыстæм». 13Илийа йын загъта: «Ацу
æмæ скæн, цы загътай, уый. Æрмæст уал
фыццаг мæнæн иу гыццыл сойыфых акæн
æмæ мын æй ардæм рахæсс. Дæхицæн æмæ
дæ лæппуйæн та уый фæстæ скæндзынæ.
Мацæмæй тæрс, 14уымæн æмæ Дунедарæг,
Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы: „Ссады дурын
не сафтид уыдзæни æмæ сой дурыны нæ
фæкъаддæр уыдзæни, цалынмæ Дунедарæг
зæхмæ къæвда рауадза, уæдмæ“». 15Сылгой-
маг ацыд æмæ йын Илийа куыд загъта, афтæ
бакодта. Æмæ афтæмæй се 'ртæ дæр цасдæр
рæстæджы дæргъы хæрдхъуаг нæ уыдысты.

16Дурыны ссад нæ куынæг кодта, хъуыра-
уы дæр сой нæ къаддæр кодта, Дунедарæг
Илийайы уылты куыд загъта, афтæ.

17Иуахæмы идæдз усæн, Илийайы фысы-
мæн, йæ лæппу фæрынчын ис. Низ ыл бын-
тондæр стыхджын, æмæ куынæуал улæфыд,
18уæд сылгоймаг Илийайæн загъта: «Цы дæ
хъæуы мæнæй, Хуыцауы минæвар? Мæ тæ-
ригъæдтæ мын мæ зæрдыл æрæфтауынмæ
æрбацыдтæ æмæ мæ лæппуйы амарын-
мæ?» 19Илийа йын загъта: «Æри-ма мæм
дæ лæппуйы».

Æмæ йын лæппуйы йæ хъæбысæй райста,
пехуымпарæн уæлхæдзары цы хатæн уыд,
уырдæм æй систа, уым æй йæ сынтæгыл

æрæвæрдта 20æмæ Дунедарæгмæ скуывта:
«О Дунедарæг, мæ Хуыцау! Ау, мæн чи суазæг
кодта, уыцы идæдз усы бафхæрдзынæ, йæ
лæппуйы йын амардзынæ?»
21Æртæ хатты дæлгоммæ æрфæлдæхти
сабийыл æмæ-иу алы хатт дæр скуывта: «О
Дунедарæг, мæ Хуыцау! Ацы сабийæн йæ уд
фæстæмæ йæ мидæг бацæуæд!»
22Дунедарæг Илийайы куывд фехъуыста,
æмæ сабийæн йæ уд фæстæмæ йæ мидæг
бацыд, æмæ райгас. 23Уæд æй Илийа йæ
хъæбысмæ систа, фæстæмæ йæ хæдзармæ
æриста, йæ мадмæ, æмæ загъта: «Æрба-
кæс-ма, дæ лæппу æгас у». 24Сылгоймаг ын
дзуапп радта: «Ныр æй зонын, ды Хуыцауы
минæвар дæ, æмæ Дунедарæджы номæй цы
дзурыс, уыл æцæгæйдæр ис æуууæндæн».

**18** Уæдæй фæстæмæ рацыди дыууæ азæй
фылдæр. Æмæ иуахæмы Дунедарæг Илийа-
йæн загъта: «Паддзах Ахавмæ бацу, æмæ Æз
къæвда ратдзынæн зæххæн». 2Илийа араст
ис Ахавмæ, цæмæй йæ разы æрлæууа.
Ныр Самарийы та скодта æвирхъау стонг
заман. 3Ахав йæ галуаны уагдар Овадиамæ
басидт. (Уый зæрдиагæй аргъуыц кодта Ху-
ыцауæн. 4Иезавел Дунедарæджы пехуымпарты
цæгъдын куы райдыдта, уæд Овадиа
æрæмбырд кодта сæдæ пехуымпары æмæ сæ
дæс æмæ дыууиссæдзгæйттæй фæйнæ лæгæ-
ты бамбæхста. Уырдæм сын хаста хæринаг
æмæ дон.) 5Æмæ Ахав Овадиайæн загъта:
«Нæ бæстæйы суадæттæ æмæ къададæттыл
æрзилæм, кæд сæ рæбынты искуы кæрдæ-
джы хал разынид æмæ нæ бæхтæ æмæ нæ
хæргæфсыты фервæзын кæниккам, нæ фо-
сæй дæр нæ æргæвдын кæд ницы бахъæуид».
6Цы зæххыл æрзилинаг уыдысты, уый
се 'хсæн адих кодтой, æмæ Ахав иуæрдæм
ацыд, Овадиа та — æндæрæрдæм. 7Овадиа
йæ фæндагыл иу цасдæр куы ауад, уæд ыл
амбæлдис Илийа, йæ ныхмæ æрбацæйцыд.
Овадиа зæххыл ныддæлгом йæ разы æмæ
загъта: «Уый ды дæ, ме 'лдар Илийа?» 8Уый
йын дзуапп радта: «Цу æмæ дæ хицауæн
зæгъ, Илийа, зæгъ, ам ис!»
9Овадиа йын тарстхуызæй афтæ: «Цæмæй
фæтæригъæдджын дæн æз, дæ цагъар, æмæ
мæ Ахавы амæттаг бакæнай? Амардзæни
мæ. 10Сомы кæнын Дунедарæгæй, дæ Ху-
ыцауæй! Иу адæм, иу паддзахад дæр ахæм
нæй, æмæ мæ хицау дæу агурæг кæдæм нæ
арвыста. Куы-иу ын загътой дæуæй, махмæ
нæй, зæгъгæ, уæд-иу ард бахæрын кодта
уыцы æмæ уыцы адæмæн кæнæ уыцы æмæ
уыцы паддзахæн, уыдонмæ кæй нæ разынд-
тæ, уыл. 11Ды та мын афтæ зæгъыс, цу æмæ
дæ паддзахæн зæгъ, Илийа ам ис, зæгъгæ.
12Æз ардыгæй куы ацæуон, уæд дæу, чи зоны,
Дунедарæджы Уд ахæсса, кæдæм, уый нæ зо-
нын. Æмæ Ахавæн куы зæгъон дæу тыххæй,
æмæ дæ уый куы не ссара, уæд мæ амардзæн.
Æз та, дæ цагъар, ме 'взонгæй нырмæ дæр
Хуыцауæн аргъуыц кæнын. 13Ау, ничи дын
фехъусын кодта, ме 'лдар, æз цы бакодтон,
уый? Иезавел Дунедарæджы пехуымпарты
марын куы райдыдта, уæд сæдæ пехуым-
пары дæс æмæ дыууиссæдзгæйттæй фæй-
нæ лæгæты бамбæхстон æмæ сын уырдæм
хæрд æмæ нозт хастон. 14Ды та мын афтæ
зæгъыс, цу æмæ дæ хицауæн зæгъ, Илийа
ам ис, зæгъгæ. Ахавæн уый куы зæгъон, уæ
мæ æнæ амаргæ нал ныуудздзæн!»
15Илийа йын зæрдæ бавæрдта: «Сомы дын
кæнын Уæларвæфсады Бардарæгæй, лæггад
Кæмæн кæнын, Уымæй, абон мæхи равдис-
дзынæн Ахавмæ».
16Овадиа ацыд Ахавмæ æмæ йын Илийа-
йы тыххæй куы фехъусын кодта, уæд уый
æвæстиатæй йæ размæ араст. 17Илийайы куы
ауыдта, уæд ын загъта: «Уый ды дæ, Изра-
илы адæмы бæллæхы чи баппæрста, уый?»
18Илийа йын дзуапп радта: «Израилы адæмы
æз нæ баппæрстон бæллæхы, фæлæ ды æмæ
дæ мыггаг, Дунедарæджы фæдзæхстытыл
уæхи кæй атигъ кодтат æмæ Баалтæм кувын
кæй байдыдтат, уый тыххæй. 19Ныр цу æмæ
мын Кармелы хохы сæрмæ æрæмбырд кæн
Израилы адæмы, стæй Баалы цыппарсæдæ
фæндзай пехуымпары, ноджы ма, Иезавелы
хардзæй йæ гуыбын чи æфсады, уыдоны —
Ашерæйы цыппарсæдæ пехуымпары».
20Ахав Израилы адæммæ дæр æмæ ацы
пехуымпартæм дæр фæдзурын кодта Кар-
мелы хохы сæрмæ. 21Илийа адæмы раз æр-
лæууыд æмæ загъта: «Уæ дыууæ къахæй ма
бирæ къуылых цæуудзыстут, цас ракæ-бакæ
кæнут? Кæд Дунедарæг у уæ Хуыцау, уæд
Уымæн кувут, кæд Баал, уæд та — уымæн!»
Адæмæй хъыпп-сыпп ничи сфæрæзта.
22Илийа сын загъта: «Дунедарæджы пеху-
ымпартæй ма иунæг æз баззадтæн, Баалы
пехуымпартæ та цыппарсæдæ фæндзай
сты. 23Гъемæ дыууæ уæныджы æрбакæ-
нут. Баалы пехуымпартæ дзы сæхицæн иу
равзарæнт, суæнгтæ йæ кæнæнт æмæ йæ
афтæмæй сугты уæлæ сæвæрæнт, æрмæст
арт ма бандзарæнт. Æз дæр иннæ уæныджы
æрцæттæ кæндзынæн, сугты уæлæ йæ сæ-
вæрдзынæн, фæлæ арт нæ бандзардзынæн.

24 Уæд-иу Баалы пехуымпартæ сæ хуыцаумæ
йæ номæй хъæрæй фæсидæнт, æз дæр Йæ
номæй хъæрæй фæсиддзынæн Дунедарæг-
мæ, мæ Хуыцаумæ. Æмæ сæ дыууæйæ арт
чи ратта, уый уыдзæни Хуыцау».
Адæм æмдзыхæй загътой: «Фæуæд афтæ!»
25 Илийа загъта Баалы пехуымпартæн: «Би-
рæ стут æмæ уал сымах райдайут. Уæнгуы-
тæй иу равзарут, æрцæттæ йæ кæнут æмæ
уæ хуыцаумæ йæ номæй хъæрæй фæсидут,
æрмæст арт ма бандзарут».
26 Уыдон сæ нывондаджы æрцæттæ кодтой
æмæ райсомæй сихормæ Баалмæ йæ номæй
хъæрæй сидтысты, Баал, фехъус нæ, зæгъ-
гæ, æмæ кувгæ-кувын сæ нывондхæссæны
алыварс гæппытæ кодтой æмæ кафыдысты.
Фæлæ сæм иу сым дæр æмæ иу дзуапп дæр
никæцæй æрыхъуысти. 27 Сихорафон сæ Или-
йа хынджылæг кæнын байдыдта: «Тынгдæр
хъæр кæнут, хуыцау уын куы у! Уæд та йæ
хъуыдыты аныгъуылд, хъуыддаджы лæуд у,
фæндагыл ис кæнæ фынæй кæны? Райхъал
æй кæнут!»
28 Æмæ хъæрахст самадтой. Се ’гъдаумæ
гæсгæ ма суанг кæрдтæ æмæ æрцытæй дæр
сæхи рæхуыстой, æмæ сæ туг лæсæнтæ кодта
сæ уæлæ. 29 Сихорафон аивгъуыдта, адон та
се ’рра митæй изæрыгон нывонд хæссы-
ны афонмæ дæр нæма банцадысты. Фæлæ
сæм иу сым æмæ иу дзуапп дæр никæцæй
æрыхъуыст, хъуыды дæр сæ ничи æркодта.
30 Уæд Илийа адæмæн загъта: «Æввахс-ма
мæм æрбалæуут!»
Æмæ йæм сæхи æрбаввахс кодтой. Илийа
бавнæлдта Дунедарæджы пырх нывондхæс-
сæн ногæй саразынмæ. 31 Дунедарæг, Израил
уыдзæни дæ ном, зæгъгæ, кæмæн загъта,
уыцы Йаковы фырттæн сæ хæдзарвæндæгты
нымæцмæ гæсгæ Илийа дыууадæс дуры райс-
та 32 æмæ дзы Дунедарæджы номыл сарæзта
нывондхæссæн, йæ алыварс та йын, дыууæ
мæрты бæрц хор кæм бацæуа, ахæм уæрм
скъахта. 33 Уый фæстæ нывондхæссæныл суг-
тæ равæрдта, уæныджы суæнгтæ кодта æмæ
йæ афтæмæй сугты уæлæ сæвæрдта 34 æмæ
загъта: «Цыппар дурыны дзаг дон ауадзут
иууылсудзинаг нывондыл æмæ сугтыл». Стæй
ма сыл ноджыдæр дыууæ хатты фæйнæ уый
бæрцы дон рауадзын кодта. 35 Дон нывондхæс-
сæны алыварсмæ æркалди æмæ къахт донæй
байдзаг ис. 36 Изæры нывонд хæссын афон
пехуымпар Илийа нывондхæссæнмæ бацыд
æмæ скуывта: «О Дунедарæг, Авраамы, Исаа-
кы æмæ Израилы Хуыцау! Ацы бон иууылдæр
базонæнт, Ды Израилæн иунæг Хуыцау кæй
дæ, æз та Дæ лæггадгæнæг кæй дæн æмæ ацы
хъуыддаг иууылдæр Дæ дзырдæй кæй бакод-
тон, уый. 37 Фехъус мæ, Дунедарæг, фехъус мæ!
Ацы адæм базонæнт, Ды, Дунедарæг, иунæг
Хуыцау кæй дæ æмæ та сын сæ зæрдæ Дæхи
’рдæм кæй раздахдзынæ, уый».
38 Уыйадыл Дунедарæг арвæй æркалдта
арт, æмæ уыцы арт бахордта канд иууылсу-
дзинаг нывонд æмæ сугтæ нæ, фæлæ дуртæ
дæр, нывондхæссæны алыварс сыджыт дæр
æмæ, къахты цы дон уыди, уый дæр. 39 Уый
фенгæйæ, адæм иууылдæр ныддæлгом сты
зæххыл æмæ загътой: «Дунедарæг — нæ Ху-
ыцау! Дунедарæг — нæ Хуыцау!»
40 Илийа сын загъта: «Баалы пехуымпарты
æрцахсут, иу дæр сæ куыннæ аирвæза, афтæ».
Æрцахстой сæ, æмæ сæ Илийа Кишоны
мæсчъы донмæ акодта æмæ сæ уым ама-
рын кодта.
41 Илийа Ахавæн загъта: «Цу, хæр æмæ ну-
аз! Ныр мæ хъустыл къæвдайы уынæр уайы».
42 Æмæ Ахав минас кæнынмæ ацыд, Илийа
та Кармелы хохмæ ссыди, зæхмæ æргуыбыр
кодта, йæ сæр йæ уæрджыты ’хсæн бакодта
43 æмæ йæ лæггадгæнæгæн загъта: «Цу-ма,
денджызы ’рдæм акæс».
Уый ацыд, афæлгæсыд æмæ загъта: «Ни-
цы дзы зыны».
Афтæ йæ Илийа арвыста авд хатты. 44 Æв-
дæм хатт æй куы арвыста, уæд ын йæ лæг-
гадгæнæг загъта: «Денджызы ’рдыгæй ар-
мытъæпæны йас мигъ ссæуы».
Илийа йын загъта: «Цу æмæ Ахавæн фе-
хъусын кæн: дæ уæрдон, зæгъ, сифтындз
æмæ хæдзармæ фæтагъд кæн, цалынмæ дæ
къæвда нæ раййæфта, уæдмæ».
45 Ахав æвæстиатæй йæ уæрдоны абадт
æмæ Израелмæ ацыди. Уалынмæ дымгæ
æрбахаста мигътæ, æмæ тæрккъæвда ных-
калдта. 46 Ныр Илийайыл та Дунедарæг йæ
арм æруагъта, æмæ уый йæ фæччитæ йæ
роны атъыста æмæ Ахавы уæрдоны разæй
суанг Израелы онг фезгъордта.

**19** Ахав Иезавелæн радзырдта, Илийа цы-
дæриддæр сарæзта, уыдæттæ, стæй, пеху-
ымпарты се ’ппæты дæр карды амæттаг
кæй бакодта, уый. 2 Æмæ Иезавел Илийамæ
арвыста йæ минæвары, афтæ йын зæгъынмæ:
«Афтæтæ æмæ уфтæтæ, стæй мын ноджы
фыддæртæ фæуæнт хуыцæуттæ, ды пехуым-
партæн куыд бакодтай, афтæ æз дæр дæуæн
райсом ацафон куынæ бакæнон».
3 Илийа йæ удæн фæтарсти уыцы æрт-
хъиранæй æмæ алыгъд. Иудейаг сахар

Беер-Шевæмæ куы ныххæццæ, уæд уым
йæ лæггадгæнæджы ныууагъта, 4йæхæдæг
дарддæр ахæцыд æмæ æдзæрæг быдыры
иу бонцауы бæрц куы бауади, уæд уым иу
ран æхсæлыйы къутæры бын æрæнцад æмæ
мæлæт куырдта йæхицæн: «Æгъгъæд мын
фæуæд, Дунедарæг! Мæ бон нал у, айс мын
мæ уд! Æз дæр мæ фыдæлтæй хуыздæр куы-
нæ дæн». 5Æхсæлыйы бын æрхуыссыд æмæ
бафынæй. Уæд æм зæд æргом рацыди, ан-
дзæвыд ыл æмæ йын загъта: «Уæлæмæ сыст,
бахæр». 6Илийа аракæс-бакæс кодта æмæ йæ
нывæрзæны цур ауыдта зынджытыл фых
лауаси æмæ дурыны дзаг дон. Бахордта, ба-
нуæзта æмæ та фæстæмæ бафынæй. 7Уæд та
йæм Дунедарæджы зæд дыккаг хатт рацыд,
бандзæвыд ыл æмæ та йын загъта: «Сыст
æмæ уал хæргæ бакæн — дард фæндагыл
цæугæ дын у». 8Илийа сыстади, бахордта
æмæ бануæзта. Уыцы хæрд-нозт ын уыйас
ахъаз фæцис, æмæ фæцыди дыууиссæдз
боны æмæ дыууиссæдз æхсæвы, цалын-
мæ Хуыцауы хохмæ, Хоревмæ, бахæццæ
ис, уæдмæ. 9Уым лæгæтмæ бацыд æмæ дзы
бахсæвиуат кодта. Æмæ мæнæ Дунедарæ-
джы ныхас хъусы: «Ам цы кусыс, Илийа?»
10Уый йын дзуапп радта: «Æз Дунедарæджы,
Уæларвæфсады Бардарæджы сæраппонд уд-
уæлдай куыст кодтон, фæлæ Израилы адæм,
семæ цы фидыд сарæзтай, уый фехæлдтой,
ныппырх Дын кодтой Дæ нывондхæссæн-
тæ, Дæ пехуымпарты Дын карды амæттаг
бакодтой. Иунæг æз ма дзы баззадтæн, æмæ
мæ фæдыл дæр бафтыдысты, марынвæнд
мæ скодтой».

11Дунедарæг ын загъта: «Æддæмæ рацу
æмæ хохы сæрыл Дунедарæджы раз æрлæуу!»

Уалынмæ тæссаг æмæ тыхджын дымгæ
сыстад, æмæ хæхтæ фаркгай фæхаудысты,
къæдзæхтæ базгъæлæнтæ сты, фæлæ Ду-
недарæг дымгæйы мидæг нæ разынд. Уый
фæстæ зæхх нынкъуысти, фæлæ уым дæр
нæ разынди Дунедарæг. 12Зæххæнкъуысты
хæдуæлвæд ссыгъди пиллон арт, фæлæ уый
мидæг дæр нæ разынди Дунедарæг. Фæлæ
арт куы ахуыссыд, уæд æрыхъуысти æдзæм
æмæ фæлмæн хъæлæс.

13Илийа йæ куы айхъуыста, уæд йæ пæ-
лæзæй йæ цæсгом æрбамбæрзта, афтæмæй
рацыд æмæ лæгæтмæ бацæуæны æрлæууыд.
Цавæрдæр хъæлæс æй бафарста: «Ам цы
архайыс, Илийа?» 14Уый йын дзуапп радта:
«Æз Дунедарæджы, Уæларвæфсады Барда-
рæджы сæраппонд, удуæлдай куыст кодтон,
фæлæ Израилы адæм фехæлдтой, семæ цы
фидыд сарæзтай, уый, ныппырх Дын кодтой
Дæ нывондхæссæнтæ, Дæ пехуымпарты та
Дын карды амæттаг бакодтой. Иунæгæй баз-
задтæн, æмæ мæ фæдыл дæр бафтыдысты,
марынвæнд мæ скодтой». 15Дунедарæг ын
загъта: «Аздæх фæстæмæ Дамаскы æдзæрæг
быдырмæ, æмæ куы бахæццæ уай, уæд-иу
уым Хазаелы байсæрд æмæ йæ скæн Сирийы
паддзах. 16Уый фæстæ-иу байсæрд Нимши-
йы фырт Йегуйы, æмæ йæ скæн Израилы
паддзах. Авел-Мехолæйаг Шафаты фырт
Елисейы дæр-иу байсæрд æмæ йæ пехуым-
пар скæн дæ бæсты. 17Хазаелы кардæй чи
аирвæза, уый йæ мæлæт ссардзæн Йегуйы
къухæй, Йегуйы кардæй чи аирвæза, уый
та йæ мæлæт ссардзæн Елисейы къухæй.
18Æцæг, Израилы адæмæй авд мин лæджы
ныууадздзынæн сæрæгасæй, уымæн æмæ
уыдонæй ничи æрзоныг кодта Баалы раз,
ничи йын аба кодта йæ гуымирыйæн».

19Илийа Хоревы хохæй куы æрхызт, уæд
амбæлди Шафаты фырт Елисейыл. Уый гал-
ты дыууадæс цæдыл хуым кодта, йæхæдæг
та цыди дыууадæсæмы фæдыл. Илийа йæ
цурты куы фæцæйцыд, уæд ыл йæ пæлæз
баппæрста, 20æмæ уыйадыл Елисей фæуагъта
йæ галтæ, Илийайы фæдыл азгъордта æмæ
йæм бахатыд: «Бар мын ратт, æмæ ма мæ мад
æмæ мæ фыдæн хæрзбоны охыл аба кæнон,
стæй рацæудзынæн дæ фæдыл». Уый йын
загъта: «Цу, фæлæ дæ ма ферох уæд, цы дын
бакодтон, уый! Фæстæмæ-иу мæм раздæх».

21Елисей йæ галтæм бацыд æмæ дзы
дыууæйы акусарт кодта. Уый фæстæ сын
се 'фсондз сугæн ныссаста æмæ кусæрттæг-
тæ сфыхта, дзидзатæ та адæмыл байуæрста,
æмæ фæминас кодтой. Елисей йæхæдæг та
араст Илийайы фæдыл æмæ йын лæггад
кодта.

**20** Сирийы паддзах Бен-Хадад æрæмбырд
кодта йе 'ппæт æфсад, бæхтæ æмæ тохуæр-
дæттæй ифтонг, æмæ йæ дæлбар паддзæх-
тæй æртын дыууæимæ абырста Самарийы
'рдæм, йæ ныхмæ хæст расидт æмæ йыл
æрхъула кодта. 2Израилы паддзах Ахавмæ
мидсахармæ барвыста йæ минæвæрттты,
3цæмæй йын фехъусын кæной: «Бен-Хадад
афтæ зæгъы: де 'взист дæр æмæ дæ сыгъ-
зæрин дæр мæн сты, дæ устыты æмæ дæ
фыртты хуыздæртæ дæр — афтæ».

4Израилы паддзах ын дзуапп радта: «Ку-
ыд зæгъыс, афтæ уæд, мæ паддзах. Цыдæ-
риддæр мæм ис, уыдонимæ мæхæдæг дæр
дæу дæн».

5Уæд та йæм ногæй æрбацыдысты минæ-
вæрттæ æмæ загътой: «Бен-Хадад зæгъы,
ратт мын де 'взист дæр æмæ дæ сыгъзæрин
дæр, дæ устыты дæр æмæ дæ фыртты дæр.
6Уый тыххæй дæм райсом ацафон барвит-
дзынæн мæ адæмы, цæмæй дын басгарой
дæ галуан æмæ дæ лæггадгæнджыты хæ-
дзæрттæ æмæ, дæ зæрдæйæн адджын цы-
дæриддæр у, уыдон рахæссой».

7Уæд Израилы паддзах фæдзырдта бæс-
тæйы æппæт хистæртæм æмæ сын загъта:
«Æрбайхъусут-ма, ацы сириаг нын цы фыд-
былыз саразинаг у, уымæ! Мæ устытæ æмæ
мын мæ фырттæм куы æрбарвыста, стæй
ме 'взист æмæ мæ сыгъзæринмæ, уæд ын
æз нæ, зæгъгæ, нæ загътон».

8Израилы хистæртæ æмæ йын сахары
адæм иууылдæр загътой: «Ма йæм байхъус!
Ма сразы у йемæ!»

9Æмæ Ахав Бен-Хадады минæвæрттæн
загъта: «Мæ паддзахæн зæгъут, фыццаг мæм
цæй тыххæй æрбарвыстай, уыдон сæххæст
кæндзынæн, æрмæст ацы хъуыддаг саразын
мæ бон нæу».

Минæвæрттæ аздæхтысты æмæ сæ пад-
дзахæн Ахавы дзуапп фехъусын кодтой.
10Уæд та Бен-Хадад ногæй æрбарвыста Ахав-
мæ, цæмæй йын зæгъой: «Афтæтæ æмæ уф-
тæтæ, стæй мын ноджы фыддæртæ фæуæнт
хуыцæуттæ, мæ фæдыл цы адæм рацыд,
уыдонмæ Самарийы пырхæнтæй фæйнæ
армыдзаджы куы æрхауа, уæд».

11Ууыл Израилы паддзах Бен-Хадады ми-
нæвæрттæн загъта: «Мæ дзуапп ыл сæмбæ-
лын кæнут: дæхицæй-иу раппæл хæстмæ
цæугæйæ нæ, фæлæ хæстæй здæхгæйæ».

12Куы йын æй фехъусын кодтой, уæд йæ
асадæны йæ дæлбар паддзæхтимæ минас
кодта æмæ йæ дæлдæртæн бардзырд радта:
«Сахары ныхмæ æрлæуут!»

Æмæ æрлæууыдысты.

13Уæд иу пехуымпар бацыд Израилы пад-
дзах Ахавмæ æмæ йын загъта: «Дунедарæг
афтæ зæгъы: уыныс уыцы æнæнымæц бардз?
Тæккæ абон дын æй дæ къухтæм дæттын,
æмæ уымæ гæсгæ базондзынæ, Æз Дуне-
дарæг кæй дæн, уый».

14Ахав æй бафарста: «Кæй фæрцы æрцæу-
дзæн уыцы хъуыддаг?» Пехуымпар загъта:
«Бæстыхицæутты хотыхдарты фæрцы. Афтæ
зæгъы Дунедарæг». — «Хæст чи хъуамæ рай-
дайа?» — бафарста паддзах. «Ды» — дзуапп
радта пехуымпар.

15Ахав фæсидын кодта бæстыхицæутты
хотыхдартæм: уыдон нымадæй разындысты
дыууæсæдæ æртын дыууæ. Ноджы ма фæси-
дын кодта Израилы иннæ хæстхъом адæм-
мæ дæр: уыдоны нымæц та уыди авд мины.
16-17Æмæ сихорафон рацыдысты сахарæй, ра-
зæй бæстыхицæутты хотыхдартæ, афтæмæй.

Ныр Бен-Хадад та йæ асадæны йæ дæл-
бартимæ, дыууадæс æмæ ссæдз паддзахи-
мæ, сæ тæккæ цæл-минасыл уыдысты, тынг
барасыг сты. Бен-Хадад арвыста сгарджытæ,
æмæ йын фехъусын кодтой, Самарийæ адæм
рацæуынц, зæгъгæ. 18Уæд бардзырд радта:
«Кæд фидауынмæ рацыдысты, уæд сæ уаца-
ры райсут, кæд хæстæргомæй рацыдысты,
уæддæр сæ уацары райсут». 19-20Фæлæ са-
харæй цы 'фсæдтæ рацыд, бæстыхицæутты
хотыхдартæ æмæ иннæ æфсад, уыдон сири-
ægтыл лæгæй-лæгмæ сæхи ныццавтой æмæ
сæ алчидæр йæ ныхмæлæуууæджы амардта.
Сириаг æфсад лидзæг фæцис, æмæ сæ из-
раилæгтæ фæсте асырдтой. Æцæг, Сирийы
паддзах Бен-Хадад йæхæдæг аирвæзти йæ
бæхыл, йæ бæхæфсадимæ. 21Æмæ уæд Изра-
илы паддзах дæр абырста сириæгты бæхтæ
æмæ тохуæрдæтты фæдыл æмæ сæ саубыны
дæрæн ныккодта.

22Уæд та пехуымпар Израилы паддзахмæ
бацыд æмæ йын загъта: «Æрбамбырд кæн дæ
тыхтæ æмæ ахъуыды кæн, дарддæр дын цы
кæнгæ у, ууыл, уымæн æмæ та афæдзы фæс-
тæ Сирийы паддзахы ногæй ардæм хъæуы».

23Арамы паддзах Бен-Хададæн йæ дæл-
дæртæ загътой: «Уыдонæн сæ хуыцæут-
тæ хæхбæсты хуыцæуттæ сты æмæ ныл
уый фæрцы фæуæлахиз сты. Быдыры куы
схæцæм семæ, уæд сыл мах дæр æнæмæнг
фæтых уыдзыстæм. 24Мæнæ дын нæ уы-
наффæ: дæ дæлбар паддзæхты сис сæ бы-
нæттæй æмæ сын сæ бæсты сæвæр æфсæд-
дон хицæуттæ. 25Ацы хæсты дæ æфсадæй,
бæхæй, бæхуæрдонæй цас фæхъуыди, уый
бæрц ногæй æрæмбырд кæн, æмæ быдыры
схæцæм семæ. Æнæмæнг сыл фæуæлахиз
уыдзыстæм».

Паддзах сын байхъуыста сæ уынаффæмæ
æмæ йын куыд загътой, афтæ бакодта.

26Иннæ уалдзæг та Бен-Хадад Сирийы
адæмы æрæмбырд кодта, скодта æфсад
æмæ Израилимæ схæцынæввонг æрлæууыд
Афекы сахары. 27Израилæгтæ дæр скодтой
æфсад, семæ райстой хæлц æмæ сæ ныхмæ
æрлæууыдысты. Сириæгтæ бацахстой æнæ-
хъæн быдыр, æмæ израилæгтæ сæ разы уы-
дысты сæгъты дыууæ чысыл дзуджы хуызæн.
28Израилы паддзахмæ æрбацыди Хуыцауы
минæвар æмæ йын загъта: «Афтæ зæгъы

Дунедарæг: сириæгтæ афтæ кæй дзурынц,
Дунедарæг быдырты Хуыцау нæу, фæлæ
хæхбæсты Хуыцау у, зæгъгæ, уый тыххæй
сын се ’нæнымæц бардз ратдзынæн уæ къух-
тæм, æмæ уымæ гæсгæ базондзыстут, Æз
Дунедарæг кæй дæн, уый».
29Дыууæ æфсады кæрæдзийы ныхмæ лæу-
уыдысты æхсæз боны. Æвдæм бон райдыдта
хæст, æмæ израилæгтæ иу бонмæ Сирийы
фистæг æфсадæй ныццагътой сæдæ мин лæ-
джы. 30Иннæтæ Афекы сахармæ бацæйлыгъ-
дысты, фæлæ сыл сахары сис афæлдæхт, æмæ
авд æмæ ссæдз мин лæджы йæ быны фесты.
Бен-Хадад йæхæдæг сахармæ балыгъд
æмæ фидарæн йæ рæбинагдæр уаты йæхи
бамбæхста. 31Йæ дæлдæртæ йын загътой:
«Израилы паддзæхтæ хатыргæнаг вæййынц,
зæгъгæ, фехъуыстам. Гъемæ нын бар ратт,
æмæ нæ астæуты æрбатухæм сæхъистæ,
нæ хъуыртыл та — синæгтæ æмæ афтæмæй
Израилы паддзахмæ рацæуæм, кæд дын,
мыййаг, ныббарид æмæ дæ нæ амарид».
32Æмæ сæ астæутыл æрбатыхтой сæхъис-
тæ, сæ хъуыртыл та — синæгтæ, афтæмæй
Израилы паддзахмæ рацыдысты æмæ йын
загътой: «Дæ цагъар Бен-Хадад дын лæгъстæ
кæны, зæгъгæ, ныббар мын, ма мæ амар».
Уый сын загъта: «Æмæ ма æгас у? Уый мæ-
нæн ме ’фсымæр у!»
33Хадады минæвæрттæ уый банымадтой
хорз нысаныл, уайтагъд ын йæ ныхас айс-
той æмæ йын загътой: «О, о, де ’фсымæр у
Бен-Хадад». Ахав сын загъта: «Цæугæут æмæ
йæ ракæнут!»
Бен-Хадад æм рацыд, æмæ йæ Ахав йæ
уæрдонмæ æрбахизын кодта.
34Бен-Хадад ын загъта: «Мæ фыд дæ фы-
дæй цы сахартæ байста, уыдоны дын фæс-
тæмæ ратдзынæн. Дамаскы дæр дæхицæн
базарадон бæстыхæйттæ скæн, кæддæр мæ
фыд йæхицæн Самарийы куыд скодта, афтæ».
Ахав ын дзуапп радта: «Ууыл уал бафидауæм,
стæй дæ ауадздзынæн».
Æмæ куы бафидыдтой, уæд æй ауагъта.
35Уæд Дунедарæджы фæндæй пехуымпар-
тæй иу иннæмæн загъта: «Цæв мæ!»
Фæлæ уый не сразы ис йæ ныццæвыныл,
36æмæ йын фыццаг пехуымпар ногæй загъта:
«Дунедарæджы фæндмæ кæй нæ байхъуыс-
тай æмæ мæ кæй нæ ныццавтай, уый тых-
хæй дæ, мæнæй куы ацæуай, уæд амардзæн
домбай».
Æмæ, æцæгдæр, уый куыддæр йæ цурæй
ацыд, афтæ йæ размæ фæци домбай æмæ
йæ амардта.
37Уæд та фыццаг пехуымпар æндæр лæ-
джы ссардта æмæ уымæн дæр загъта: «Цæв
мæ!» Уый йæ ахæм над фæкодта, æмæ йæ
буар тугæрхæмтæ сси.
38Уæд пехуымпар ацыд æмæ, йæ цæс-
гомыл æмбæрзæн æруагъта, афтæмæй,
паддзах кæуылты хъуамæ рацыдаид, уым
æрлæууыд. 39Паддзах йæ цурты куы ра-
цæйцыд, уæд пехуымпар ныхъхъæр кодта:
«Æз, дæ цагъар, хæсты уыдтæн, æмæ мæм
иу хæстон уацайраджы æрбакодта æмæ мын
бафæдзæхста: „Ацы лæджы хъахъхъæн! Ам
æй куынæуал æрбайййафон, уæд амæлдзы-
нæ йæ бæсты, намæ дæ бафидын хъæудзæн
æвзисты иу талант“. 40Мæнæн та куы иу, куы
иннæ хъуыддаг уыди, æмæ мын уацайраг
цыдæр æрбаци». Паддзах ын загъта: «Дæхи
дзыхæй загътай дæ тæрхон».
41Уæд уый йе ’мбæрзæн систа, æмæ Из-
раилы паддзах бамбæрста, пехуымпартæй
кæй у, уый. 42Пехуымпар ын загъта: «Афтæ
зæгъы Дунедарæг: Æз æлгъыстаг кæй фæ-
кодтон, уыцы адæймаджы ауагътай, æмæ
йæ бæсты амæлдзынæ, дæ адæм дæр амæл-
дзысты йæ бæсты».
43Израилы паддзах мæстæйдзагæй, уæн-
тæхъил æмæ сæргуыбырæй араст ис йæ га-
луанмæ, Самарийы сахармæ.

**21** Уымæй иу цасдæр рæстæджы фæстæ
æрцыд ахæм хабар. Изреелы, самариаг пад-
дзах Ахавы галуаны хæдфарсмæ, изреелаг
Навотæн уыди сæндон. 2Æмæ Ахав Навотæн
загъта: «Дæ сæндон мын ратт! Мæ галуанæн
йæ тæккæ фарсмæ лæууы æмæ дзы мæхицæн
цæхæрадон саразин. Дæуæн та йæ бæсты
балæвар кæндзынæн уымæй хуыздæр сæн-
дон, йе та, кæд дæ фæнды, уæд дын йæ аргъ
бафиддзынæн æвзистæй».
3Фæлæ Навот Ахавæн загъта: «Дунедарæг
мæ бахизæд, мæ фыдæлтæй мæм исбонæн
цы зæхх æрхауд, уый искæмæн раттынæй!»
4Изреелаг Навот ын ахæм дзуапп кæй радта,
уый тыххæй Ахав йæ галуанмæ æрбаздæхти
тарæрфыг æмæ мæстæйдзагæй, уæнтæхъил
æмæ сæргуыбырæй. Суанг хæрын дæр нæ ба-
куымдта, афтæмæй йæ хуыссæны æрхуыссыд
æмæ йæ цæсгом къулы ’рдæм аздæхта. 5Йæ
ус Иезавел æм бацыд æмæ йæ бафарста: «Цы
кæныс? Цæуылнæ исты бахæрыс?» 6Уый йын
загъта: «Изреелаг Навотæн ской кодтон, дæ
сæндон мын æвзистыл ратт, кæд дæ фæнды,
уæд та дын йæ бæсты æндæр сæндон ратдзы-
нæн, зæгъгæ, фæлæ мын уый дзуапп радта:
„Мæ сæндон дын нæ ратдзынæн“».

7Иезавел ын зæгъы: «Израилы паддзах
ды нæ дæ, æви? Сыст, бахæр æмæ мацæуыл
тыхс. Изреелаг Навоты сæндон дын æз дæ
къухы бакæндзынæн».
8Иезавел фыстæджытæ ныффыста Ахавы
номæй, уый мыхуыр сыл сæвæрдта æмæ
сæ арвыста, Навот кæм царди, уыцы са-
хары хистæртæ æмæ номджынтæм. 9Йæ
фыстæджыты фыста афтæ: «Ком дарæн бон
расидут! Æрæмбырд кæнут адæмы æмæ
сын Навоты сбадын кæнут сæ уæле, кад-
джын бынаты. 10Йæ бакомкоммæ йын æр-
бадын кæнут дыууæ цъаммар лæджы æмæ
йæ ныхмæ æвдисæн кæнæнт, ды Хуыцауы
æмæ паддзахы æлгъыстай, зæгъгæ. Уый
фæстæ-иу æй фæссахармæ ракæнут æмæ
йæ уым дурты бын фæкæнут».
11Æмæ Изреелы сахары хистæртæ æмæ
номджынтæ бакодтой, Иезавел сæм йæ фыс-
тæджыты куыд ныффыста, афтæ. 12Æрæм-
бырд кодтой сахары цæрджыты, ком дарæн
бон расидыны охыл, æмæ сын сæ уæле сба-
дын кодтой Навоты. 13Æрбацыдысты дыууæ
цъаммар лæджы, Навотæн йæ бакомкоммæ
æрбадтысты æмæ йæ ныхмæ мæнгæвдисæн
ныллæууыдысты, Хуыцау æмæ паддзахы
æлгъыста, зæгъгæ. Стæй йæ фæссахармæ
ракодтой æмæ йæ уым дурты бын фæкодтой.
14Уый фæстæ сахары хистæртæ Иезавелæн
фехъусын кодтой Навоты амæлæты хабар,
дурты бын æй кæй фæкодтой, уый.
15Уыцы хабар Иезавелмæ куы бахæццæ,
уæд Ахавæн загъта: «Сыст уæлæмæ æмæ
дæхицæн исбонæн райс изреелаг Навоты
сæндон, æвзистыл дын кæй нæ ауæй кодта,
уый. Навот æгас нал у, амарди».
16Ахав куыддæр, изреелаг Навот амарди,
уый фехъуыста, афтæ ацыди Навоты сæн-
донмæ — йæхицæн æй исбонæн райсынмæ.
17Дунедарæг тишбийаг Илийайæн загъта:
18«Ацу Ахавмæ, Израилы паддзахмæ, Са-
марийы паддзахиуæг чи кæны, уымæ! Уый
ныр Навоты сæндонмæ ныццыд, цæмæй йæ
исбонæн райса йæхицæн. 19Зæгъ ын: „Афтæ
зæгъы Дунедарæг: ды лæджы амардтай æмæ
ма йын йæ фыдæлтæй цы хай баззад, ууыл
дæр æрбадинаг дæ?“ Ноджы ма йын зæгъ:
„Куыйтæ Навоты туг кæм сдæрдтой, уыцы
ран сдæрдзысты дæ туг дæр“».
20Ахав Илийайæн загъта: «Ссардтай мæ,
ме знаг!» Уый йын дзуапп радта: «Ссардтон
дæ, уымæн æмæ, Дунедарæгæн æнæуынон
цы митæ сты, уыдоныл бафтыдтæ. 21Уымæ
гæсгæ Дунедарæг зæгъы: „Æз Ахавы хæдза-
ронты фыдбылызы амæттаг бакæндзынæн,
цагъайраг уа æви сæрибар — иу лæппу-бай-
зæддаг дæр æм нал ныууадздзынæн Израи-
лы адæмы ’хсæн. 22Кæй Мæ смæсты кодтай
æмæ Израилы адæмы тæригъæдты кæй баф-
тыдтай, уый тыххæй дын Æз дæ хæдзарон-
тæн бакæндзынæн, Наваты фырт Йоровамы
хæдзаронтæн æмæ Ахийайы фырт Баасайы
хæдзаронтæн цы бакодтон, уый“. 23Иезавелы
тыххæй та Дунедарæг афтæ зæгъы: „Куыйтæ
йæ бахæрдзысты Изреелы сахарæн йæ бы-
руйы æдде. 24Ахавы адæмæй сахары мидæг
чи амæла, уыдон дæр куыйты хæринаг ба-
уыдзысты, фæссахар чи амæла, уыдоны та
тугдзых мæргътæ бахæрдзысты“».
25Ахавы хуызæн, Дунедарæгæн æнæуынон
цы митæ уыдысты, уыдоныл никуыма ничи
бафтыд, уыдæттыл æй ардаугæ та кодта йæ
ус Иезавел.
26Дунедарæг Израилы адæмы сæраппонд
сæ фыдæй-фыртмæйы зæххытæ кæмæн
байста, уыцы аморæгтау Ахав дæр бирæ
æлгъаг митæ кодта, гуымирытæм куывта.
27Фæлæ йын ныр Илийа цытæ радзырдта,
уыдæттæ куы фехъуыста, уæд йæ дарæс арæ-
дывта фæйнæрдæм æмæ йæ уæлæ сæхъис
скодта, куы-иу схуыссыд, уæд дæр-иу æй
нæ раласта; ком дардта æмæ æрхæндæгæй
рацу-бацу кодта.
28Уæд та Дунедарæг тишбийаг Илийайæн
загъта: 29«Кæсыс, Ахав Мæ разы куыд æрта-
сыди, уымæ! Афтæ кæй бакодта, уый тыххæй
йын Æз йæ мыггаг, цалынмæ йæхæдæг æгас
у, уæдмæ фыдбылызы амæттаг нæ бакæн-
дзынæн; йæ фырт паддзах куы суа, уæд
бафтаудзынæн фыдбылызтæ йæ хæдзарыл».

**22** Дыууæ азы дæргъы Сири æмæ Израилы
’хсæн хæст нæ уыди. 2Æртыккæгæм аз Иу-
дейы паддзах Иосафат æрбацыд Израилы
паддзахмæ. 3Израилы паддзах йæ дæлдæр-
тæн загъта: «Галаадаг сахар Рамот мах кæй у,
уый уæ рох фæци? Рæстæг ма цæуыл сафæм,
Арамы паддзахы къухæй йæ фæстæмæ цæ-
уылнæ байсæм?»
4Иосафаты бафарста: «Галаадаг Рамотмæ
бабырсыны фæнд мæм ис, æмæ мæ фарсмæ
æрбалæудзынæ?» Уый йын дзуапп радта:
«Ды кæдæм цæуай, æз дæр — уырдæм. Дæ
зæрдæ дар мæ адæм æмæ мæ бæхæфсадыл,
раст цыма дæхи сты, афтæ».
5Иосафат ма паддзахæн ноджы загъта:
«Раздæр уал Дунедарæджы бафæрс».
6Израилы паддзах фæсидти пехуым-
партæм, иу-цыппарсæдæ лæгмæ, æмæ
сæ бафарста: «Галаадаг Рамоты ныхмæ

схæцон æви нæ?» «Схæц, — дзуапп ын рад-
той уыдон, — Дунедарæг дын æй дæ къухтæм
ратдзæн».
7Иосафат фæдызæрдыг æмæ бафарста:
«Дунедарæджы пехуымпартæй ма ам исчи ис,
Дунедарæджы кæй уылты бафæрсæм, ахæм?»
8Израилы паддзах ын дзуапп радта: «Ис ма
иу лæг, Дунедарæджы нын чи бафæрсид,
уый. Фæлæ дзы æз ме сæфт уынын, уымæн
æмæ мын хæрзмæ нæ, фæлæ фыдбылызмæ
пехуымпариуæг фæкæны. Уый у Имлайы
фырт Миха». Иосафат ын загъта: «Паддзахыл
ахæм ныхæстæ нæ фидауынц».
9Уæд Израилы паддзах йæ галуаны кус-
джытæй иумæ фæдзырдта æмæ йын ба-
фæдзæхста: «Тагъддæр мын Имлайы фырт
Михайы ам æрбалæууын кæн!»
10Израилы паддзах æмæ Иосафат, Иу-
дейы паддзах, сæ паддзахы дарæсты, сæ
къæлæтджынты, бадтысты Самарийы кул-
дуары æдде мусы цур, æмæ пехуымпартæ
иууылдæр пехуымпариуæг кодтой сæ разы.
11Сæ иу, Кенаанайы фырт Цедекиа, йæ сæ-
рыл æфсæн сыкъатæ æркодта æмæ загъта:
«Дунедарæг афтæ зæгъы: ахæм сыкъатæй
сириæгты цæвдзынæ, цалынмæ бындзагъд
фæуой, уæдмæ».
12Иннæ пехуымпартæ дæр иууылдæр фæз-
мыдтой Цедекиайы, пехуымпариуæг кодтой
æмæ дзырдтой: «Бабырс Галаадаг Рамотмæ
æмæ фæуæлахиз у! Дунедарæг æй паддзахы
къухтæм ратдзæн».
13Уыцы рæстæг паддзахы минæвар дæр ба-
хæццæ Михамæ æмæ йын загъта: «Пехуым-
партæ æмдзыхæй хæрзмæ пехуымпариуæг
кæнынц паддзахæн. Ды дæр уыдоны бафæзм
æмæ хæрзмæ пехуымпариуæг кæн». 14Миха
дзуапп радта: «Сомы кæнын Дунедарæгæй,
æрмæстдæр мын Дунедарæг цы зæгъа, уый
дзурдзынæн».
15Миха паддзахмæ куы бацыд, уæд æй уый
бафарста: «Миха! Галаадаг Рамоты ныхмæ
схæцон æви нæ?» Миха йын дзуапп радта:
«Схæц æмæ фæуæлахиз у! Дунедарæг æй
паддзахы къухы бафтын кæндзæн». 16Пад-
дзах ын загъта: «Ныр дæм цалæм хатт ха-
тын, рæстдзинад йеддæмæ мын мацы дзур,
зæгъгæ! Цы дын загъта Дунедарæг?» 17Уæд
ын Миха дзуапп радта: «Æз уынын: Изра-
илы æфсад æнæфыййау фыстау ныххæлиу
уыдзæни хæхтыл. Дунедарæг зæгъы: хицау
сын нæй æмæ сæ алчидæр сæрæгасæй фар-
нимæ бацагурæд йæ хæдзар».
18Израилы паддзах Иосафатæн загъта:
«Нæ дын дзырдтон, хæрзмæ нæ, фæлæ мын
мæ фыдбылызмæ пехуымпариуæг кæны,
зæгъгæ?»
19Миха загъта: «Байхъус-ма, Дунедарæг
дæу тыххæй цы зæгъы, уымæ! Æз федтон
Дунедарæджы Йæ паддзахы бадæны бадгæ.
Йæ уæларвон æфсад иууылдæр Йæ рахиз
æмæ Йæ галиуфарс лæууыдысты. 20Дуне-
дарæг сæ бафарста: „Ахавы уæ чи самидин
кæндзæн галаадаг Рамотмæ бабырсын, цæ-
мæй уым йæ мæлæт ссара?“ Æмæ сæ иумæ иу
уынаффæ уыд, иннæмæ та — æндæр. 21Уæд
Дунедарæджы раз иу мон æрлæууыд æмæ
загъта: „Æз æй самидин кæндзынæн“. Дуне-
дарæг æй бафарста: „Куыдæй?“ 22Уый Йын
дзуапп радта: „Æз йе ’ппæт пехуымпарты
дзыхы фæливæг мон фестдзынæн“. Æмæ
йын уæд Дунедарæг загъта, цу æмæ, куыд
зæгъыс, афтæ бакæн, самидин кæнын дын
æй бантысдзæни, зæгъгæ. 23Афтæмæй ныр
пехуымпарты уылты уыцы фæливæг мон
дзуры Дунедарæджы фæндæй, уымæн æмæ
дæуæн фыдбылыз саразын Дунедарæджы
фæндон у».
24Уæд Кенаанайы фырт Цедекиа Михайы
уæлхъус балæууыд, йе ’хсæрфарс ын ныццав-
та æмæ йыл фæхъæр ласта: «Уый та куыд?
Ома Дунедарæджы Уд мæныл Йæхи атигъ
кодта æмæ дæу уылты райдыдта дзурын?»
25Миха йын дзуапп радта: «Мæ сæр кæм
бамбæхсон, зæгъгæ, иу уатæй иннæмæ
ралидз-балидз куы кæнай, уыцы бон æй
базондзынæ».
26Израилы паддзах загъта: «Михайы акæ-
нут сахары хицау Амонмæ æмæ мæ фырт Йо-
асмæ. 27Зæгъут сын: „Афтæ зæгъы паддзах:
ахæстоны йæ бакæнут æмæ йын мамæлайы
къæбæр æмæ дон йеддæмæ мацы дæттут,
цалынмæ сæрæгасæй фæстæмæ æрбаздæ-
хон, уæдмæ“».
28Миха йын загъта: «Сæрæгасæй куы æр-
баздæхай, уæд Дунедарæг нæ дзырдта мæн
уылты».
Ноджы-ма бафтыдта: «Мæ ныхас уæ ма
ферох уæд, мæнæ адæм!»
29Израилы паддзах æмæ Иосафат, Иудейы
паддзах, иумæ хæстмæ рацыдысты галаадаг
сахар Рамоты ныхмæ. 30-31Фæндагыл Изра-
илы паддзах Иосафатæн загъта: «Æз мæ да-
рæс раивдзынæн, афтæмæй райдайдзынæн
хæцын, ды та-иу дæ паддзахы дарæс скæн».
Æмæ Израилы паддзах раивта йæ дарæс
æмæ хæцын райдыдта.
Ныр Сирийы паддзах та йæ тохуæрдæт-
ты хицæуттæн, дыууадæс æмæ ссæдз лæ-
гæн, бафæдзæхста: «Израилы паддзахæн йе

’фсады хицæуттæй дæр æмæ хуымæтæджы
хæстонтæй дæр макæй фæдыл зилут, йæхи
йын агурут æрмæст!»
32Тохуæрдæтты хицæуттæ Иосафаты
куы ауыдтой, уæд загътой, уый Израилы
паддзах уыдзæни, зæгъгæ, æмæ йæ ныхмæ
хæст самадтой. Фæлæ Иосафат тохы хъæр
куы ныккодта, 33уæд бамбæрстой, Израилы
паддзах кæй нæу, уый æмæ йæ ныууагътой.
34Иу заман Сирийы æфсадæй иу хæстон
зæрдаивæй йæ фат суагъта æмæ Израилы
паддзахы фæцæф кодта. Фат згъæрхæдо-
нæн йе згъæрсыфты ’хсæнты бацыд. Æмæ
паддзах йæ бæхтæрæгæн загъта: «Ардыгæй
мæ алас! Цæф дæн».
35Фæлæ хæст уыцы бон йæ тæккæ тæмæны
бацыд. Æмæ Израилы паддзах сириæгты
ныхмæ тохы йæ уæрдоны уырдыг фæлæу-
уыди суанг изæрмæ. Йæ туг уæрдонмæ фæ-
тагъд, афтæмæй, куы æризæр, уæд йæ уд
систа.
36Хурныгуылдыл фидиуæг хæстон адæмыл
ныхъхъæр кодта: «Алчидæр уæ аздæхæд йæ
сахармæ, йæ фыдыуæзæгмæ!»
37Паддзах амарди, йæ мард ын Самаримæ
æрбаластой æмæ йæ уым баныгæдтой. 38Йæ
уæрдон ын Самарийы цур иу цады былгæрон
æрæхсадтой, æмæ куыйтæ паддзахы туг
сдæрдтой. Хæтаг сылтæ дæр уым тугамæст
донæй сæхи æхсадтой, Дунедарæг рагацау
куыд дзырдта, афтæ.
39Ахавы иннæ хъуыддæгтæ иууылдæр —
пылыстæгæй цы галуан сфæлыста æмæ
цы сахартæ рацарæзта, уыдоны тыххæй
хабæрттæ — фыст æрцыдысты «Израилаг
паддзæхты азфыстыты чиныджы». 40Афтæ
амардис Ахав, æмæ йæ фæстæ паддзах сси
йæ фырт Ахазиа.
41Асайы фырт Иосафат Иудейы паддзах
сси, Ахав Израилæн цыппæрæм аз куы пад-
дзахиуæг кодта, уæд. 42Иосафат паддзах куы
сси, уæд ыл цыди фынддæс æмæ ссæдз азы,
æмæ Йерусалимы паддзахиуæг фæкодта
фондз æмæ ссæдз азы. Йæ мад уыди Шил-
хийы чызг Азувæ. 43Иосафат алцæмæй дæр
фæзмыдта йæ фыд Асайы, æндæр фæндагыл
никуы ныллæууыд æмæ афтæмæй æххæст
кодта Дунедарæджы фæндон. Æрмæст кувæн
къуыбыртæ нæ аивта, адæм йæ заманы дæр
кодтой кусæрттæ æмæ сыгътой буд уыцы
уаз къуыппытыл.
44Иосафат бафидыдта Израилы паддзахи-
мæ. 45Йæ иннæ хъуыддæгтæ, йе сгуыхтытæ
æмæ йæ хæстон хабæрттæ фыст æрцыдысты
«Иудейаг паддзæхты азфыстыты чиныджы».
46Иосафат ныццагъта мургаттаг кувæн-
дæтты кусæг нæлгоймаг æмæ сылгоймаг
хъахбайты, Йæ фыд Асайы заманæй ма чи
баззади, уыдоны. 47Уæд Едомы паддзах нæ
уыди, æрмæстдæр — бæстыхицау, Иудейы
паддзахы минæвар.
48Иосафат саразын кодта Таршишмæ цæ-
уæг базарадон наутæ, йæ зæрды сæ уыд
Офирмæ арвитын, уырдыгæй сыгъзæрин
æрбаласыны тыххæй. Фæлæ Офирмæ нал
ацыдысты — ныппырх ын сты Ецион-Геве-
ры. 49Уæд Ахавы фырт Ахазиа Иосафатæн
загъта: «Мæ лæггадгæнджытæ дæ адæмимæ
ацæуæнт наутыл». Фæлæ Иосафат не сразы ис
ууыл. 50Куы амарди, уæд æй бавæрдтой йæ
фыдæлты зæппадзы, йæ фыдæл Давиды са-
хары. Йæ фæстæ паддзах сси йæ фырт Иорам.
51Иудейаг паддзах Иосафаты паддзахи-
уæджы æвддæсæм аз Самарийы сахары Из-
раилы паддзах сси Ахавы фырт Ахазиа. Йæ
паддзахиуæг ахаста дыууæ азы. 52Ахазиа,
Дунедарæгæн æнæуынон цы у, уыдæттæ
кодта, фæзмыдта йæ фыды, йæ мады æмæ
Наваты фырт Йоровамы. Ахазиа дæр уый
хуызæн тæригъæды бафтыдта Израилы
адæмы. 53Лæггад æмæ табу кодта Баалæн,
алцæмæй дæр фæзмыдта йæ фыды æмæ йæ
хъуыддæгтæй мæсты кодта Дунедарæджы,
Израилы Хуыцауы.

## Цыппæрæм чиныг

# Паддзахæдтæ

Ацы чиныджы дарддæр дзырдæуы Израил æмæ Иудейы паддзахæдты историон цаутыл, сæ ахастдзинæдтыл Хуыцауимæ. Æвдыст дзы цæуы Чырыстийы райгуырды агъоммæ историон дæрддзæг – IX æнусы æмбисæй VI æнусы онг. Чиныг адих кæнæн ис дыууæ сæйраг хайыл: 1) дыууæ паддзахады истори, ассириæгтæ 722 азы куы басастой, уæды онг (1–17 сæртæ); 2) хуссайраг паддзахады истори, вавилойнæгтæ 586 азы Йерусалим куы басастой, уæды онг (18–25 сæртæ).

Ацы бæллæхтæ израилæгтыл æрцыдысты, Дунедарæг Хуыцауыл иузæрдион кæй нæ уыдысты, уый тыххæй. Хуыцау сæ йе пехуымпарты уылты рагацау бирæ хæттыты фæдзæхста, фæлæ Йæм уыдон нæ хъуыстой.

Йерусалимы сæфт æмæ Иудейы цæрджытæн сæ фылдæры Вавилонмæ уацары бахауд систы дзуттæгты историйы рахæцæн цаутæ.

Ацы чиныг дзурæг у æрмæст паддзæхтæ нæ, фæлæ Израилы стыр пехуымпартыл дæр, се ’хсæн – Илийа æмæ йæ ахуыргæнинаг Елисей (2–9, 13 сæртæ), Исайа (19–20 сæртæ). Елисей адæмæн æмæ хицæуттæн æмбарын кæны, Хуыцау сын сæ хъуыддæгтæм цы цæстæнгас дары æмæ сæм цæмæ æнхъæлмæ кæсы, уыдæттæ, фæлæ йæм се ’ппæт æмхуызон райгондæй нæ хъусынц. Исайа хæрзæгъдау уæвын фæдзæхсы паддзах Езекиайæн æмæ развæлгъау дзуры, Йерусалим фидæны хæлæттаг кæй фæуыдзæн, ууыл (20 сæр). Чиныджы сæрмагонд бынат ахсынц иудейаг паддзах Осиайы царды хабæрттæ (22–23 сæртæ). Ацы паддзахæн йæ хорздзинад уый мидæг уыд, æмæ тох кодта мурtаттаг зондахасты фæстиуджытимæ, дины реформæты фæрцы фидар кодта Иунæг Хуыцауыл æууæнк.

---

**1** Ахавы амæлæты фæстæ моавæгтæ Израилы ныхмæ сыстадысты.

2Ахазиа иуахæмы, Самарийы йын цы галуан уыди, уымæн йæ уæлхæдзары гæрæны сæрты рахауд æмæ фæрынчын ис. Филистимаг сахар Екронмæ йæ минæвæртты арвыста æмæ сын бафæдзæхста: «Бафæрсут Екроны хуыцау Баал-Зевувы, сдзæбæх ма уыдзынæн æви нæ».

3Дунедарæджы зæд тишбийаг Илийайæн загъта, цæмæй самариаг паддзахы минæвæрттæн сæ размæ ацæуа æмæ сын зæгъа: «Израилы зæххыл Хуыцау нæй, æви? Цæмæн цæут Екроны хуыцау Баал-Зевувы фæрсынмæ? 4Уый тыххæй Дунедарæг афтæ зæгъы уæ паддзахæн: ды дæ хуыссæнæй нал сыстдзынæ, фæлæ амæлдзынæ».

Илийа бакодта, Дунедарæг ын куыд бафæдзæхста, афтæ, 5æмæ Ахазиайы минæвæрттæ фæстæмæ аздæхтысты. Уый сæ бафарста: «Фæстæмæ цæй тагъд æрбаздæхтыстут?»
6Дзуапп ын радтой: «Нæ размæ рацыдис иу лæг æмæ нын загъта: „Цæут æмæ уæ рарвитæг паддзахæн фехъусын кæнут, Дунедарæг ын цы зæгъы уый: Израилы зæххыл Хуыцау нал ис, æви? Дæ минæвæртты цæмæн рарвыстай Екроны хуыцау Баал-Зевувы фæрсынмæ? Уый тыххæй ды дæ хуыссæнæй нал сыстдзынæ, фæлæ амæлдзынæ“». 7Паддзах сæ бафарста: «Уыцы ныхæстæ зæгъынмæ уæ размæ чи рацыд, уыцы лæг æддаг бакастæй цыхуызæн уыд?» 8Дзуапп ын радтой: «Йæ уæлæ уыди сæгъы хъуынæй пæлæз, йæ астæуыл – цæрмын рон». – «Уый тишбийаг Илийа у», – загъта паддзах 9æмæ йæм арвыста фæндзайыхицау йæ фæндзай хæстонимæ.

Ныр Илийа та хохы сæрыл бадти. Фæндзайыхицау æм куы схæццæ ис, уæд ын загъта: «Хуыцауы минæвар, паддзах зæгъы, цæмæй дæлæмæ рацæуай!» 10Илийа йын дзуапп радта: «Кæд æз Хуыцауы минæвар дæн, уæд арвæй арт рацæуæд æмæ дын дæхи дæр æмæ дæ фæндзай хæстоны дæр бавзалы кæнæд!» Æмæ арвæй арт рацыди æмæ йын бавзалы кодта йæхи дæр æмæ йæ фæндзай хæстоны дæр.

11Паддзах æм арвыста æндæр фæндзайыхицауы йæ фæндзай хæстонимæ. Æмæ та уый дæр Илийайæн загъта: «Хуыцауы минæвар, паддзах зæгъы, цæмæй рæвдз

дӕлӕмӕ ӕрцӕуай!» 12Илийа йын дзуапп
радта: «Кӕд ӕз Хуыцауы минӕвар дӕн, уӕд
арвӕй арт ӕрцӕуӕд ӕмӕ дын дӕхи дӕр ӕмӕ
дӕ фӕндзай хӕстоны дӕр бавзалы кӕнӕд!»
Уыйадыл арвӕй арт ӕрцыди ӕмӕ бавзалы
кодта фӕндзайыхицауы дӕр ӕмӕ йӕ фӕн-
дзай хӕстоны дӕр.
13Паддзах арвыста ӕртыккаг фӕндза-
йыхицауы йӕ фӕндзай хӕстонимӕ. Уый
Илийамӕ куы схӕццӕ ис, уӕд йӕ разы йӕ
уӕрджытыл ӕрхауд ӕмӕ йын балӕгъстӕ
кодта: «Хуыцауы минӕвар! Дӕ хорзӕхӕй,
мӕн дӕр ӕмӕ дӕ цагъарты, мӕнӕ ацы фӕн-
дзай хӕстоны дӕр, ма бабын кӕн. 14Арвӕй
ӕрцыди арт ӕмӕ дыууӕ фӕндзайыхицауы
ӕд хӕстонтӕ бавзалы кодта. Ӕз де уазӕг, ма
мӕ бабын кӕн!» 15Ӕмӕ Дунедарӕджы зӕд
Илийайӕн загъта: «Ацу йемӕ, ма дзы тӕрс!»
Илийа сыстад ӕмӕ фӕндзайыхицауимӕ
паддзахмӕ ацыди. 16Загъта йын: «Дунеда-
рӕг афтӕ зӕгъы: „Цыма Израилы зӕххыл
Хуыцау нал ис, уыйау дӕ минӕвӕртты Ек-
роны хуыцау Баал-Зевувы бафӕрсынмӕ кӕй
арвыстай, уый тыххӕй дӕ хуыссӕнӕй нал
сыстдзынӕ, фӕлӕ амӕлдзынӕ“».
17Ӕмӕ Ахазиа амарди; Дунедарӕджы ны-
хас сӕххӕст, Илийа куыд загъта, афтӕ. Фырт
ын нӕ баззад, ӕмӕ йӕ амӕлӕты фӕстӕ
паддзах сси йе ’фсымӕр Йорам. (Уый уыдис,
Иосафаты фырт Иорам Иудейы дыккаг аз
паддзахиуӕг куы кодта, уыцы заман.)
18Ахазиайы иннӕ хабӕрттӕ фыст ӕрцы-
дысты «Израилаг паддзӕхты азфыстыты
чиныджы».

**2** Ӕрӕввахс ис, Дунедарӕг Илийайы уад-
дымгӕйы мидӕг уӕларвмӕ куы систа, уыцы
бон. Ӕмӕ иуахӕмы Илийа рацыди Гилгалӕй,
Елисей дӕр йемӕ. 2Илийа йын загъта: «Ды
ам лӕуу! Мӕн Дунедарӕг Вефилмӕ ӕрвиты».
Фӕлӕ йын Елисей расомы кодта: «Сомы
кӕнын Дунедарӕгӕй ӕмӕ дӕуӕй, нӕ дӕ
ныууадздзынӕн!»
Ӕмӕ иумӕ араст сты Вефилмӕ. 3Елисейы
размӕ Вефилы пехуымпартӕ рацыдысты
ӕмӕ йӕ бафарстой: «Абон дын Дунедарӕг
дӕ ахуыргӕнӕджы Йӕхимӕ кӕй айсдзӕн,
уый зоныс ӕви нӕ?»
Уый сын загъта: «Зонын ӕй, ныхъхъус ут!»
4Илийа йын загъта: «Ды ам лӕуу! Дунедарӕг
мӕн Йерихонмӕ ӕрвиты».
Фӕлӕ та йын Елисей расомы кодта: «Сомы
кӕнын Дунедарӕгӕй ӕмӕ дӕуӕй, нӕ дӕ
ныууадздзынӕн!»
Ӕмӕ иумӕ бацыдысты Йерихонмӕ.
5Елисейы размӕ рауадысты сахары пе-
хуымпартӕ ӕмӕ йӕ бафарстой: «Абон дын
Дунедарӕг дӕ ахуыргӕнӕджы Йӕхимӕ кӕй
айсдзӕн, уый зоныс ӕви нӕ?»
Уый сын загъта: «Зонын ӕй, ныхъхъус ут!»
6Илийа йын загъта: «Ды ам лӕуу! Дунедарӕг
мӕн Иорданмӕ ӕрвиты».
Фӕлӕ та йын Елисей расомы кодта: «Сомы
кӕнын Дунедарӕгӕй ӕмӕ дӕуӕй, ӕз дӕ нӕ
ныууадздзынӕн!»
Ӕмӕ иумӕ ацыдысты. 7Сӕ фӕдыл цыди
дӕс ӕмӕ дыууиссӕдз пехуымпары ӕмӕ адо-
нӕй дӕрддзӕф ран ӕрлӕууыдысты Иорданы
былгӕрон. 8Илийа йӕ пӕлӕз раласта, стыхта
йӕ, дон дзы ӕрцавта, ӕмӕ дон ӕмдзӕхгӕр
дыууӕ сисау фӕйнӕрдӕм куы алӕууыд,
уӕд Елисеимӕ, сур зӕххыл цӕуӕгау, фаллаг
фарсмӕ бахызтысты. 9Цӕугӕдоны фаллаг
фарс Илийа загъта Елисейӕн: «Исты мӕ
ракур, цалынмӕ мӕ Дунедарӕг дӕ цурӕй
нӕма айста, уӕдмӕ».
Елисей йын загъта: «Цы уд дӕм ис, уымӕй
мын дыууӕ ахӕмы ратт!»
10Уый йын загъта: «Зын саразӕн у, цы мӕ
курыс, уый. Дунедарӕг мӕ дӕ цурӕй куыд
айсдзӕн, уый куы фенай, уӕд хорз, науӕд
дзы ницы рауайдзӕн».
11Фӕндагыл ныхасгӕнгӕ куыд фӕцӕй-
цыдысты, афтӕ фӕзынди пиллонкалгӕ
уӕрдон артуадзгӕ бӕхтимӕ, сӕ дыууӕйы
’хсӕн фестадысты, ӕмӕ Илийа тымыгъы
мидӕг уӕларвмӕ ацыд. 12Елисей йӕм, йӕ
фӕдыл кӕсгӕйӕ, ныхъхъӕр кодта: «Мӕ
фыд, мӕ фыд! Ды дӕ Израилы уӕрдон ӕмӕ
йӕ бӕхтӕрӕг».
Илийайы куынӕуал уыдта, уӕд йӕ дарӕс-
мӕ фӕлӕбурдта ӕмӕ йӕ арӕдывта фӕй-
нӕрдӕм. 13Илийайӕ цы пӕлӕз ӕрхауди,
уый систа, ӕмӕ фӕстӕмӕ Иорданы былмӕ
ӕрбаздӕхт. 14Уым уый дӕр, Илийайы ху-
ызӕн, пӕлӕзӕй дон ӕрцавта ӕмӕ загъта:
«Кӕм ис Дунедарӕг, Илийайы Хуыцау?» Дон
та ӕмдзӕхгӕр дыууӕ сисау фӕйнӕрдӕм
алӕууыд, ӕмӕ Елисей сурыл доны иннӕ
фарсмӕ бахызти. 15Йерихоны пехуымпартӕ
уый куы федтой, уӕд загътой: «Илийайы
монӕй схайджын ис Елисей». Йӕ размӕ ӕр-
бацыдысты ӕмӕ йын зӕххы онг ӕркуывтой.
16Загътой йын: «Дӕс ӕмӕ дыууиссӕдз хъа-
руджын лӕджы ис дӕ цагъарты ’хсӕн. Бар
ратт, ӕмӕ дын дӕ ахуыргӕнӕджы агурӕг
ацӕуой. Кӕд ӕй, мыййаг, Дунедарӕджы Уд
ахаста ӕмӕ йӕ искӕцы хохыл кӕнӕ исты
тӕрфы ныппӕрста».
Уый сын загъта: «Ма сӕ арвитут».

17Фæлæ йын уыдон бирæ фæлæгъстæ код-
той, æмæ сæ куы бафæллад, уæд сын бар
радта: «Арвитут сæ».
Дæс æмæ дыууиссæдз лæджы Илийайы
фæцагуырдтой æртæ боны, фæлæ йæ не
ссардтой. 18Фæстæмæ Елисеймæ, Йерихо-
ны сахармæ, куы æрбаздæхтысты, уæд сын
уый загъта: «Нæ уын дзырдтон, ма ацæут,
зæгъгæ?»
19Сахары цæрджытæ Елисейæн загътой:
«Нæ сахар дзæбæх ран лæууы, уый дæхæдæг
дæр уыныс, не 'лдар, фæлæ йæ дон нæ бæз-
зы, æмæ адæм æмæ фосæн цот нал цæуы».
20Уый сын загъта: «Æриут-ма мын ног
къус, цæххæй йæ байдзаг кæнут, афтæмæй!»
Радтой йын, 21æмæ Елисей донгуырæнмæ
ссыд, цæхх доны никкалдта æмæ загъта:
«Афтæ зæгъы Дунедарæг: „Ацы дон сæнæ-
низ кодтон, æмæ уый аххосæй уæ зæххыл
нал мæлгæ кæндзысты, налдæр æнæзæнæг
уыдзысты“».
22Æмæ уæдæй нырмæ дон сæнæниз ис
Елисейы ныхасæй.
23Йерихонæй Елисей араст ис Вефилмæ.
Сахармæ нæма бахæццæ, афтæмæй уыр-
дыгæй рацыди сабиты къорд æмæ йыл худ-
тысты, фидистæ йын кодтой: «Рацу нæм,
цæгæрсæр! Рацу нæм, цæгæрсæр!»
24Уый сæм бакаст æмæ сæ Дунедарæджы
номæй ралгъыста. Уыйадыл хъæдæй рацы-
ди дыууæ сыл арсы æмæ сын сæ къордæй
дыууæ æмæ дыууиссæдз сабийы аргæвстой.
25Ардыгæй Елисей бацыди Кармелы хохмæ,
стæй уырдыгæй Самаримæ æрбаздæхт.

**3** Иудейаг паддзах Иосафаты паддзахи-
уæджы æстдæсæм аз Самарийы сахары
Израилæн паддзах сси Ахавы фырт Йорам.
Йæ паддзахиуæг ахаста дыууадæс азы. 2Ду-
недарæгæн æнæуынон цы уыди, уыдæттæ
кодта, æцæг алы хъуыддаджы йæ мад æмæ
йæ фыды нæ фæзмыдта. Йæ бынатæй айста
Баалы гуымиры, йæ фыд кæй сарæзта, уый.
3Фæлæ Наваты фырт Йоровам израилæгты
цы тæригъæдты бацæуын кодта, уыдоныл
фидар хæцыд, нæ сæ ныууагъта.
4Моавы паддзах Меша, бонджын фосда-
рæг, Израилы паддзахæн æрвылаз æрвыс-
та хъалон: сæдæ мины кусæрттаг фыстæ,
сæдæ мины та — æнæлвыд фыртæ. 5Фæлæ
Ахавы амæлæты фæстæ Моавы паддзах
нал уисæн кодта Израилæн. 6Уæд Израилы
паддзах Йорам рацыди Самарийы сахарæй,
æрзылди бæстæйыл æмæ æрæмбырд код-
та хæстхъом адæмы иууылдæр. 7Иудейаг
паддзах Иосафатмæ арвыста, цæмæй йын
зæгъой: «Моавы паддзах мæ ныхмæ сыстад,
æмæ хъуамæ йемæ схæцон. Мæ фарсмæ не
'рбалæудзынæ?»
Иосафат ын дзуапп радта: «Æз цæттæ дæн.
Дæ зæрдæ дар мæ адæм æмæ мæ бæхæф-
садыл, раст цыма дæхи сты, уый хуызæн».
8Иосафат æй бафарста: «Кæцы фæндагыл
сæм ацæуæм?»
Уый йын загъта: «Едомы æдзæрæг
быдыртыл».
9Æмæ Израилы паддзах иудейаг паддза-
химæ, Едомы паддзах дæр семæ, афтæмæй
уыцы дард фæндагыл ахæцыдысты се 'фсæд-
тимæ. Авд боны куы фæцыдысты, уæд сæм
нуазыны дон нал уыд сæ адæмæн дæр æмæ
сæ хайуантæн дæр. 10Израилы паддзах загъ-
та: «Оххай-гъе! Æнхъæлдæн, Дунедарæг
не 'ртæйы дæр моавæгты къухтæм ратти-
наг у æмæ нæ ацы фæндагыл уый тыххæй
рарвыста».
11Иосафат бафарста: «Дунедарæджы пе-
хуымпартæй ам исчи ис? Дунедарæджы
нын бафæрсæд».
Израилы паддзахы дæлдæртæй йын иу
дзуапп радта: «Шафаты фырт Елисей ам
ис, Илийайæн æдзух кæстæриуæг чи код-
та, уый».
12Иосафат загъта: «Елисей нын зæгъдзæни,
Дунедарæгмæ мах тыххæй цы фæнд ис, уый».
Израилы паддзах, Йошафат æмæ Едомы
паддзах Елисеймæ ацыдысты.
13Елисей Израилы паддзахæн загъта:
«Мæнмæ цы 'рбацыдтæ? Дæ мад æмæ дæ
фыд цы пехуымпартыл сæ зæрдæ дардтой,
уыдонмæ ацу!»
Израилы паддзах загъта: «Уыдонæй нын
ницы пайда ис, уымæн æмæ Дунедарæг мах,
æртæ паддзахы, моавæгты къухтæм ратти-
наг у æмæ нæ ацы фæндагыл уый тыххæй
рарвыста».
14Уæд ын Елисей загъта: «Сомы дын кæнын
Уæларвæфсады Бардарæгæй, лæггад Кæмæн
кæнын, Уымæй, Иосафаты сæр куынæ ны-
маин, уæд дæм кæсгæ дæр нæ бакодтаин,
куыдзы хъуыды дæр дæ не 'ркодтаин. 15Ныр
мын фæндырдзæгъдæгмæ фæдзурут!»
Фæндырдзæгъдæг хъисынæй куы 'рцагъта,
уæд Елисейыл Дунедарæджы къух бандзæ-
выд, 16æмæ Елисей загъта: «Дунедарæг афтæ
зæгъы: „Ацы ададжы уæрмытæ скъахут,
17уымæн æмæ дзæвгар рæстæг нал дым-
гæ радымдзæни, нал къæвда æрцæудзæни,
фæлæ ацы дæлвæз байдзаг уыдзæн донæй,
æмæ дзы æфсаддзыстут уæхи дæр, уæ фосы

дæр æмæ уæ хайуанты дæр“. 18 Дунедарæг
уын канд уыцы хорз нæ ракæндзæни, фæ-
лæ ма уын уæ къухтæм ратдзæни моавæгты
дæр. 19 Сымах сын ныппырх кæндзыстут сæ
фидæрттæ, сæ сахарты хуыздæртæ, рафæл-
дахдзыстут сын сæ дыргъдæтты бæлæстæ,
ныццауаздзыстут сын сæ дæттæ, сæ бæзнаг
хуымтæ сын дурты бын фæкæндзыстут».
20 Райсомæй, Дунедарæгæн хойраджы хуын
куы снывонд кæнынц, уыцы заман, Едомы
хæхтæй афтæ бирæ дон рагуылф кодта, æмæ
дзы зæхх байдзаг ис.
21 Ныр моавæгтæ дæр фехъуыстой, æртæ
паддзахы æд æфсæдтæ сæ ныхмæ рацæуынц,
уый, æмæ сæ хæстхъом адæмы се ’ппæты
дæр æрæмбырд кодтой бæстæйы арæнмæ.
22 Райсомæй раджы моавæгтæ быдырыл куы
афæлгæсыдысты æмæ сæуæхсиды рухсмæ
дон куыд сæрттывта, уый куы федтой, уæд
дзы туг фенхъæлдтой 23 æмæ загътой: «Бæл-
вырд, æртæ паддзахы æфсæдтæ сæ кæрæ-
дзимæ фесты, ныццагътой кæрæдзи, æмæ
уыдоны туг уыдзæни. Ныр уæ амæттаджы
хайыл уæхи цæвут, моавæгтæ!»
24 Израилæгты рæсæнуатмæ куы баввахс
сты, уæд сыл Израилы æфсæдтæ сæхи ныц-
цавтой æмæ сæ цæгъдынтæ байдыдтой. Уы-
дон лидзынмæ фесты, фæлæ сæ адон сæ
хъæлæсы ахастой æмæ цагътой æмæ цагътой
моавæгты. 25 Сæ сахартæ сын ныппырх код-
той, сæ бæзнаг хуымтыл сын фæйнæ дуры
фехстой, æмæ сын афтæмæй дурты бын
фесты, сæ донгуырæнтæ сын ныццауæзтой,
сæ дыргъдæтты бæлæстæ сын сфæлдæхтой.
Сæ сæйраг сахар Кир-Харесетыл сын æрхъула
кодтой æмæ йыл дурæхсæнтæй ралæууы-
дысты, дур дзы дурыл нал ныууагътой.
26 Моавæгты паддзах уыдта, йæ бон ницы-
уал у, уый æмæ, йемæ авдсæдæ æрдынджыны,
афтæмæй бафæлвæрдта Едомы æфсады рæн-
хъытæ батоныныл æмæ аирвæзыныл, фæлæ
йын дзы ницы рауад. 27 Уæд ракодта йæ фырты,
йæ хистæр зæнæджы, йæ фæстæ паддзах чи
суыдаид, уый æмæ йæ сахары быруйы сæрыл
ийуылсудзинаг нывондæн æрхаста. Уæд изра-
илæгтæ смæсты сты, сæ хæцын ныууагътой
æмæ фæстæмæ аздæхтысты сæ бæстæмæ.

**4** Пехуымпарты устытæй иу æрбацыди Ели-
сеймæ, уый куыдта æмæ хъæр кодта: «Мæ
мой, дæ цагъар, амарди. Хуыцауæн кад кæй
кодта, уый дæхæдæг дæр зоныс. Ныр нæм,
æфстау кæмæй райста, уый æрбацыд æмæ
мын хъуамæ мæ дыууæ фырты дæр байса,
йæхицæн сæ цагъартæ скæна».
2 Елисей йæ бафарста: «Æмæ дын цы хуы-
зы баххуыс кæнон? Зæгъ-ма мын, хæдзары
ма дæм цы ис?»
Дзуапп ын радта: «Оливæйы сойы иу дурын
мæм ис, æндæр ницы, дæ нывонд фæуон!»
3 Уый йын загъта: «Цу æмæ бирæ афтид
дурынтæ ракур дæ сыхæгтæй, се ’ппæтæй
дæр. 4 Хæдзармæ сæ бахæсс æмæ дæ лæппу-
тимæ уæхиуыл дуар рахгæнут. Уый фæстæ
дурынтæ сойæ дзаг кæнын байдай, дзагæй
сæ хицæн ран æвæргæйæ».
5 Идæдз ус ацыди хæдзармæ. Йæ лæппу-
тимæ сæхиуыл дуар сæхгæдтой, æмæ йæм
уыдон дурынтæ дæттæ, ай æвгæнгæ, 6 афтæ-
мæй, куы байдзаг сты, уæд мад йæ лæппу-
тæй иумæ дзуры: «Æрбадæтт-ма иу дурын!»
Уый йын дзуапп радта: «Нал дзы ис».
Æмæ сой нал калди. 7 Уæд идæдз ус фæс-
тæмæ Хуыцауы минæвармæ аздæхт æмæ
йын, хъуыддаг куыд рауад, уый радзырдта.
Уый йын загъта: «Цу, сой ауæй кæн æмæ дæ
хæстæ бафид. Æхцайæ ма цы баззайа, уы-
мæй та уæхæдæг цæрут».
8 Иуахæмы Елисей бацыди Шунемы са-
хармæ. Уым æй иу бонджын сылгоймаг йæ
хæдзармæ бахуыдта æмæ йын фынг æрæ-
вæрдта. Æмæ-иу уый фæстæ Елисей ууылты
куы рацæйцыд, уæд-иу æм алы хатт дæр
бауад исты акомдзаг кæнынмæ. 9 Æмæ иу
хатт уыцы сылгоймаг загъта йæ мойæн:
«Æдзухдæр нæм цы фæндаггон æрбацæуы,
уый у Хуыцауы æвзæрст адæймаг — уаз лæг.
10 Цæй æмæ йын нæ хæдзары уæллаг хайы
иу гыццыл уат сцæттæ кæнæм, æрæвæрæм
ын дзы хуыссæн, фынг, бандон æмæ цырагъ,
æмæ-иу нæм куы ’рбацæуа, уæд-иу уырдæм
бацæуæд æмæ дзы цæрæд».
Скодтой йын агъуыст, 11 æмæ та иуахæмы
Елисей Шунемы сахары куы уыд, уæд уыцы
агъуыстмæ бацыд æмæ йæхи хуыссæныл
æруагъта. 12 Йæ лæггадгæнæг Гиезийæн загъ-
та: «Уыцы шунемаг сылгоймагмæ-ма мын
фæдзур!» Уый йæм фæдзырдта, æмæ йæм
æрбацыд. 13 Елисей Гиезимæ дзуры: «Зæгъ-
ма йын, æдзух ныл, зæгъ, афтæ зæрдиагæй
аудыс, æмæ мæ фæнды, исты хорз дын куы
ракæнин. Паддзахмæ кæнæ дын æфсады
хицаумæ бацæуодзынæн цыфæнды курди-
аты тыххæй дæр».
Сылгоймаг загъта: «Бузныг! Фæлæ цы мыг-
гаджы ’хсæн цæрын, уым ницы хъуаг дæн».
14 Елисей Гиезийы бафарста: «Уæдæ йын
цы хорз ракæнæм?»
Уый йын дзуапп радта: «Æнхъæлдæн,
æнæзæнæг у, йæ мой дæр — зæронд».

15Елиша та йæ фервыста: «Фæдзур-ма
сылгоймагмæ!»

Уый йæм фæдзырдта, æмæ сылгоймаг
æрбацыд æмæ дуармæ æрлæууыд.
16Елисей йын загъта: «Иннæ ацафон дæ
хъæбысы уыдзæни лæппу».

Уый йын дзуапп радта: «Нæ, дæ нывонд
фæуон, Хуыцауы æвзæрст лæг! Уымæн уæ-
вæн нæй æмæ мын дзæгъæл ныфсытæ ма
æвæр!»
17Фæлæ сылгоймаг банхъæлцау æмæ йын
Елисей куыд загъта, афтæ афæдзы фæс-
тæ ныййардта лæппу. 18Саби байрæзт æмæ
иуахæмы хуымгæрдæг адæмы цурмæ йæ
фыды уынынмæ ацыд. 19Уæд дын æвип-
пайды куы ныцъцъæхахст кæнид: «Мæ сæр!
Мæ сæр риссы!»

Лæппуйы фыд йæ лæггадгæнæгмæ баз-
дæхт: «Цу, йæ мадмæ йæ ахæсс!»
20Уый сабийы ахаста йæ мадмæ, æмæ
сихормæ йæ мады хъæбысы уыди, стæй
сихорæй амард. 21Йæ мад æй Хуыцауы æв-
зæрст лæджы хуыссæныл æрæвæрдта æмæ
йыл дуар бахгæдта, йæхæдæг рацыд, 22йæ
маймæ фæдзурын кодта æмæ йын загъта:
«Дæ лæггадгæнджытæй мæм иуы æрбарвит,
стæй — иу сыл хæрæг. Хуыцауы минæвары
бабæрæг кæнон, стæй уыцы фæдыл фæстæ-
мæ æрбаздæхдзынæн».
23Уый йын загъта: «Ацы бон æм цæмæн
цæуыс? Мæйноджы бæрæгбон кæнæ сабат
куы нæу!»

Уый йын дзуапп радта: «Хорз у алцыдæр!»
24Йæхæдæг уæддæр сыл хæрæгыл саргъ
сæвæрдта æмæ йæ лæггадгæнæгæн загъта:
«Хæрæджы размæ тæр, æмæ дын цалынмæ
зæгъон, уæдмæ ма æрлæуу!»
25Афтæмæй араст ис æмæ бахæццæ Ху-
ыцауы æвзæрст лæгмæ, Кармелы хохмæ.
Хуыцауы æвзæрст лæг æй дардмæ базыд-
та æмæ йæ лæггадгæнæг Гиезийæн загъта:
«Уый уыцы шунемаг сылгоймаг у. 26Рæвдз
йæ размæ ауай æмæ йæ бафæрс, йæхæдæг
дæр, йæ мой дæр æмæ йæ саби дæр куыд
сты, уымæй!»

Сылгоймаг Гиезийæн загъта: «Дзæбæх
стæм».
27Фæлæ Хуыцауы æвзæрст лæгмæ куы
схæццæ ис Кармелы хохмæ, уæд йæ разы
ныддæлгом æмæ йын йæ къæхтæн ныхъхъæ-
быс кодта. Гиези йæ иуварс акæнинаг уыди,
фæлæ йæ Хуыцауы æвзæрст лæг баурæдта:
«Ныууадз æй, йæ зæрдæ рыст у, фæлæ йæ
Дунедарæг мæнæй басусæг кодта, нæ мын
æй схъæр кодта».
28Сылгоймаг загъта: «Куы нæ дæ куырдтон
лæппу, дæ нывонд фæуон! Куы дын дзырдтон,
дзæгъæл ныфсытæ мын ма 'вæр, зæгъгæ!»
29Елисей Гиезийæн бафæдзæхста: «Дæ рон
æрбабæтт, мæнæ дын мæ лæдзæг дæр, æмæ,
фæстæмæ дæр ма фæкæс, афтæмæй тагъд
цæугæ Шунемы сахармæ. Дæ фæндагыл
мадæр салам искæмæн ратт, мадæр, салам
дын чи зæгъа, уымæн исты дзуапп ратт!
Æмæ куыддæр бахæццæ уай, афтæ-иу мын
мæ лæдзæг лæппуйы цæсгомыл æрæвæр!»
30Сабийы мад загъта: «Сомы кæнын Ду-
недарæгæй æмæ дæуæй, нæ дæ ныууадз-
дзынæн иу ран!»

Æмæ Елисей сылгоймаджы фæдыл ацыд.
31Гиези Шунеммæ бахæццæ ис сæ разæй
æмæ пехуымпары лæдзæг сабийы цæсгомыл
æрæвæрдта, фæлæ уый иу сым дæр не скодта,
нæдæр дзы иу нуар базмæлыд. Уæд Гиези
фæстæмæ Елисейы размæ аздæхт æмæ йын
загъта: «Нæ хъал кæны лæппу».
32-33Елисей хæдзармæ куы æрбахæццæ ис,
уæд йæхи агъуыстмæ схызти æмæ, йæ хуыс-
сæны лæппуйы мардæй куы федта, уæд дуар
рахгæдта æмæ Дунедарæгмæ скуывта. 34Уый
фæстæ сабийыл ныффæлдæхт, йæ дзых уый
дзыхыл куыд æндзæва, йæ цæстытæ — уый
цæстытыл, йе 'рмттæ дæр — уый æрмттыл.
Исдуг ыл афтæ фæлдæхтæй куы алæууыди,
уæд сабийы буар бахъарм ис. 35Пехуымпар
сыстад, агъуысты мидæг арацу-бацу кодта
æмæ та ногæй сабийыл ныффæлдæхт. Уæд
дын саби æхснырсын куы байдаид. Авд хат-
ты æрæхснырста æмæ йæ цæстытæ байгом
кодта. 36Елисей Гиезимæ фæдзырдта æмæ
йын загъта: «Йæ мады йын æрбакæн!»

Уый йæ æрбакодта, æмæ йын Елисей загъ-
та: «Мæнæ дæ лæппу, райс æй».
37Шунемаг сылгоймаг ын йæ къæхтæм æр-
хауд, зæххы онг ын акуывта, стæй лæппуйы
йæ хъæбысмæ систа æмæ уатæй æддæмæ
рахызт. 38Елисей дæр аздæхти Гилгалмæ.

Уæд уыцы зæххыл скодта æххормаг рæс-
тæг, æмæ уырдыгон пехуымпартæ Елисеймæ
куы æрæмбырд сты, уæд уый йæ лæггадгæ-
нæгæн бафæдзæхста: «Стыр аг бауæларт кæн
æмæ пехуымпартæн хъæрмхуыпп афыц!»
39Сæ иу рацыди быдырмæ, исты цъæх
кæрдæджытæ ратонынмæ, æмæ бамбæлди
цавæрдæр зайæгойыл, насы 'нгæс дыргътæ
йын. Уыцы дыргътæй йæ пæлæзы дзаг æр-
бахаста, ныллыгтæ сæ кодта æмæ сæ аджы
ныккалдта хъæрмхуыппыл. Хæрынæн нæ
бæззынц, уый сæ ничи зыдта. 40Хъæрмхуып-
пæй куыддæр сахуыстой, афтæ хъæрахст

самадтой: «Хуыцауы минæвар, марг ис
аджы!»
Хæрæн ын нæ уыди хъæрмхуыппæн. 41Ели-
сей загъта: «Æриут-ма мын ссад!»
Аджы йæ ныккодта æмæ Гиезийæн загъ-
та: «Адæмæн хъæрмхуыпп æркæн æмæ
бахæрой!»
Афтæ схорз ис сæ хæринаг. 42Иу чидæр æр-
бацыди Баал-Шалишайæ, Хуыцауы æвзæрст
лæгæн æрбахаста хъæбæрхоры кæрдзынтæ,
хоры сæрæй конд, стæй хоры цæттæ æфсир-
тæ. Елисей та йæ лæггадгæнæгæн зæгъы:
«Адæмæн ратт, æмæ хæрой!»
43Уый бадис кодта: «Сæдæ лæджы бафса-
дынæн уый цы у?»
Елисей та йын зæгъы: «Адæмæн ратт, æмæ
хæрой! Дунедарæг загъта, зæгъгæ, бафсæд-
дзысты, сæ уæлдай дæр ма ныууадздзысты».
44Уый сын радта, æмæ бафсæстысты, сæ
уæлдай дæр ма ныууагътой, Дунедарæг ку-
ыд загъта, афтæ.

**5** Арамы паддзахы æфсады хицау Нееман
уыди хъотырнизæй рынчын. Æнæуи ном-
дзыд лæг уыди, дзырддзæугæ лæг, стæй
хъæбатыр хæстон. Уый фæрцы Дунедарæг
Арамæн лæвæрдта уæлахизы амонд.
2Неемапы хæдзары уыд иу æвзонг чызг.
Уымæй размæ кæддæр æй, Арамы æфсæдтæ
хæстон балцы куы уыдысты, уæд Израилы
зæххыл, гыццыл чызг ма уыд, афтæмæй
уацары райстой. Ныр Неемапы усæн уыди
йæ унæут. 3Иуахæмы чызг йе ’хсинæн загъта:
«Самарийы цы пехуымпар цæры, уымæ куы
ацæуид ме ’лдар, уæд æй уый йæ хъотырни-
зæй сдзæбæх кæнид».
4Нееман паддзахмæ бацыд æмæ йын из-
раилаг чызджы ныхас рафæзмыдта. 5Арамы
паддзах ын загъта: «Цæугæ! Æз дын Израилы
паддзахмæ фыстæг ныффысдзынæн».
Нееман йемæ рахаста æвзисты дæс таланты,
сыгъзæрины æхсæз мин шекелы, дæс фæлыс-
ты дарæстæ æмæ адардта йæ фæндаг. 6Израи-
лы паддзахыл сæмбæлын кодта йæ паддзахы
фыстæг. Фыст дзы уыдис: «Ацы фыстæгимæ
дæм æрвитын мæ лæггадгæнæг Неемапы,
æмæ-иу æй сдзæбæх кæн йæ хъотырнизæй!»
7Израилы паддзах уыцы фыстæг куы ба-
каст, уæд йæ уæлæдарæс арæдывта фæйнæр-
дæм æмæ загъта: «Уымæй афтæ, æз Хуыцау
дæн? Марын æмæ æгас кæныны хъуыддæгтæ
мæ бæрны, мыййаг, сты? Мæнмæ йæ цы
’рбарвыста йæ хъотырнизæй сдзæбæх кæ-
нынмæ? Уæдæ йæ уæ зæрдыл бадарут, хæст
расидын æй фæнды æмæ æфсон агуры».
8Хуыцауы æвзæрст адæймаг Елисеймæ
фæхабар чындæуыдис, Израилы паддзах йæ
уæлæдарæс арæдывта фæйнæрдæм, зæгъ-
гæ. Уый йæм арвыста, цæмæй йын зæгъой:
«Цæмæн афтæ бакодтай? Уыцы лæджы ма
мæнмæ рарвит, уадз æмæ базона, Израилы
пехуымпар кæй ис, уый».
9Нееман æд бæхуæрдæттæ бахæццæ ис
Елисейы хæдзары размæ æмæ уым æрфис-
тæг ис. 10Елисей йæм йæ лæггадгæнæджы
рарвыста ахæм ныхæстимæ: «Иорданы доны
авд хатты аныгъуыл фæд-фæдыл, æмæ дæ
буар сног уыдзæни, бынтондæр ссыгъдæг
уыдзынæ». 11Нееман рамæсты ис: «Æз æн-
хъæлдтон, йæхæдæг мæм рацæудзæни æмæ
мын Дунедарæгмæ, йæ Хуыцаумæ, скувдзæ-
ни, йæ къух аратил-батил кæндзæни мæ
низæфхæрд буары сæрмæ æмæ мæ сдзæбæх
кæндзæни мæ хъотырæй. 12Израилы дæттæй
Дамаскы дæттæ Амана æмæ Парпар бирæ
хуыздæр куы сты, уæд мæ чи нæ уагъта мæ-
хи уым цынайын æмæ ссыгъдæг уын?» Æмæ
мæстæйдзагæй йе ’ргом азылдта, хъуамæ
уыйадыл йæ хæдзармæ аздæхтаид. 13Фæлæ
йæм йæ лæггадгæнджытæ ныххатыдысты:
«Нæ фыды хай, ахъуыды-ма кæн, уыцы пе-
хуымпар дын исты уæззау хъуыддаг куы
бафæдзæхстаид, уæддæр æй нæ сарæзтаис?
Уæдæ, дæхи цынай æмæ ссыгъдæг уыдзы-
нæ дын куы загъта æрмæст, уæд уымæн
цанæбæрæг хъæру хъæуы?» 14Уыйадыл Не-
еман ацыд Иорданы былгæронмæ. Хуыцауы
уарзон адæймаджы фæдзæхстмæ гæсгæ
дзы авд хатты куы нынныгъуылдис, уæд
йæ буар сабийы буарау фестади, ссыгъдæг
ис бынтондæр.
15Уæд уый йæ адæмимæ Хуыцауы уарзон
адæймаджы раз балæууыди æмæ загъта:
«Æз базыдтон, а дунейыл Израилы йед-
дæмæ Хуыцау кæй никуы ис, уый. Ныр дæ
курын, æмæ мын мæ арфæйы лæвæрттæ
айс!» 16Фæлæ йын Елисей загъта: «Сомы кæ-
нын Дунедарæгæй, лæггад Кæмæн кæнын,
Уымæй, — ницы райсдзынæн!» Нееман ын
лæгъстæтæ бæргæ кодта, фæлæ йын сæ уый
уæддæр нæ бакуымдта.
17Уæд Нееман загъта: «Уæдæ мын кæд мæ
лæвæрттæ нæ исыс, уæд мын, дæ цагъарæн,
дыууæ хæргæфсы цы афæразой, уый бæрц уæ
сыджытæй раттут, уымæн æмæ нырæй фæстæ-
мæ Дунедарæг йеддæмæ ницыуал хуыцауæн
æрхæсдзынæн æз иууылсудзинæгтæ æмæ
æндæр нывæндтæ. 18Æрмæст ма дæ иу хæрзи-
уæг курын: мæ паддзах-иу Риммон-хуыцауы
кувæндонмæ бакувынмæ мæ къухы æнцæйтты

куы бацӕуа, уӕд дзы ӕз та Дунедарӕгмӕ кув-
дзынӕн, ӕмӕ-иу мын Дунедарӕг ныббарӕд,
уыцы ран дӕр Ӕм кӕй кувын, уый тыххӕй».
19Елисей йын загъта: «Ацу, ма тыхс!»
Нееман дзӕвгар куы адард ис уырдыгӕй,
20уӕд Гиези, Хуыцауы ӕвзӕрст лӕг Елисейы
лӕггадгӕнӕг, загъта йӕхицӕн: «Мӕ хицау
уыцы арамейаг Нееманы лӕвӕрттӕ нӕ баку-
ымдта, фӕлӕ сомы кӕнын Дунедарӕгӕй, ӕз
ӕй хъуамӕ баййафон ӕмӕ дзы исты райсон».
21Ӕмӕ йӕ фӕсте асырдта. Нееман Гиезийы
куы ауыдта, уӕд ӕм йӕ уӕрдонӕй рахызти
ӕмӕ йӕ фӕрсы: «Исты ’рцыди, мыййаг?»
22«Ницы, — загъта уый. — Мӕ хицау мӕ
рарвыста, Ефремы хохӕй дам мӕм дыууӕ
лӕппулӕджы ӕрбацыди, пехуымпарты аху-
ыргӕнинӕгтӕ. Ӕвзисты иу талант ӕмӕ сын
дыууӕ фӕлысты дарӕс ратт». — 23«Табуаф-
си!» — загъта Нееман ӕмӕ йын ныллӕгъстӕ
кодта: «Дыууӕ таланты айс». Ӕвзисты дыу-
уӕ таланты йын дыууӕ фӕлысты дарӕсимӕ
дыууӕ голладжы бабӕттын кодта ӕмӕ сӕ
йӕ лӕггадгӕнджытӕм радта, йӕ разӕй йын
сӕ хӕссут, зӕгъгӕ. 24Къуылдыммӕ куы ба-
хӕццӕ сты, уӕд сын сӕ Гиези сӕ къухтӕй
райста ӕмӕ сӕ афӕндараст кодта. Ныр йӕ
фӕллой та хӕдзары бамбӕхста, 25йӕхӕдӕг
йӕ хицауы раз балӕууыд.
«Кӕм уыдтӕ, Гиези?» — бафарста йӕ Ели-
сей. «Дӕ цагъар йӕ къах ардыгӕй ӕддӕмӕ
нӕ авӕрдта», — дзуапп радта Гиези. 26Уӕд
ын Елисей загъта: «Мӕ зӕрдӕ демӕ уыди,
уыцы лӕг йӕ уӕрдонӕй куы ӕрхызти ӕмӕ
дӕ размӕ куы рацыди, уӕд! Ныртӕккӕ ууыл
стӕм, ӕмӕ нӕхицӕн бынтӕ хъуамӕ кӕнӕм
ӕвзист ӕмӕ дарӕстӕй, оливӕ бӕлӕстӕ ӕмӕ
сӕндӕттӕй, лыстӕг фос ӕмӕ стурвосӕй, ца-
гъайраг нӕлгоймӕгтӕ ӕмӕ сылгоймӕгтӕй?
27Уӕдӕ Нееманы хъотырниз дӕуыл ӕмӕ
дӕ байзӕддагыл бахӕцӕд мыггагмӕ!»
Ӕмӕ Гиези куыддӕр феддӕдуар, афтӕ
йӕ буар иууылдӕр урс адардта хъотырӕй.

**6** Пехуымпартӕ Елисейӕн загътой: «Нӕ
иумӕйаг цӕрӕн агъуыст нын ӕгӕр къуын-
дӕг сси, 2ӕмӕ, цӕй, Иорданы былгӕронмӕ
бӕлӕсты бынмӕ ацӕуӕм, ракалӕм дзы,
фӕйнӕ хъӕды рацамайӕм ӕмӕ уым нӕ-
хицӕн ног цӕрӕнбынат скӕнӕм».
Уый сын дзуапп радта: «Ацӕут».
3Сӕ иу ӕм бахатыд: «Дӕ хорзӕхӕй, ды
дӕр немӕ рацу».
Уый загъта: «Хорз».
4Ӕмӕ семӕ ацыд. Иорданы былгӕрон
бӕлӕстӕ цӕгъдын куы райдыдтой, 5уӕд
пехуымпартӕй иуӕн йӕ фӕрӕт доны ных-
хауд, ӕмӕ лӕг ныффӕдис кодта: «Ӕллӕх, ме
’лдар! Кӕйдӕр фӕрӕт мын уыди!»
6Елисей йӕ бафарста: «Кӕцы ран
ныххаудта?»
Уый йын ӕй бацамыдта, ӕмӕ уӕд Хуы-
цауы ӕвзӕрст лӕг суджы лыггаг ракодта,
уырдӕм ӕй баппӕрста, ӕмӕ фӕрӕт доны
сӕрыл абадтис.
7Пехуымпарӕн загъта: «Райс ӕй».
Уый йӕм йӕ къух баивӕзта ӕмӕ йӕ райста.
8Иуахӕмы Сирийы паддзах бабырста Из-
раилмӕ ӕмӕ йе ’фсады хицӕуттимӕ уы-
наффӕ кодта, кӕцы ран ӕрбынат кӕнӕм,
зӕгъгӕ. 9Уӕд Хуыцауы ӕвзӕрст лӕг Израилы
паддзахмӕ барвыста, уыцы ранмӕ ма ба-
рӕди, уымӕн ӕмӕ йӕ сириӕгтӕ бацахстой,
зӕгъгӕ. 10Ӕмӕ Израилы паддзах уырдӕм
сгарджытӕ арвыста. Иу ӕмӕ йын дыууӕ
хатты не сбӕззыди Хуыцауы минӕвары
уынаффӕ. 11Сирийы паддзах бакатай код-
та ӕмӕ йе ’фсады хицӕуттӕм фӕдзырдта.
Бафарста сӕ: «Нӕхиуӕттӕй исчи Израилы
паддзахмӕ балыгъди?»
12Сӕ иу ын дзуапп радта: «Нӕ, мӕ паддзах!
Уый йын Израилы пехуымпар Елисей раха-
бар кӕны, ды дӕ хуыссӕнуаты цы фӕзӕгъыс,
уыдӕттӕ дӕр».
13Паддзах бафӕдзӕхста: «Цӕут ӕмӕ ба-
зонут, кӕм ис, уый, ӕмӕ йӕм ӕз барвитон
ӕмӕ йӕ ӕрцахсын кӕнон».
Паддзахмӕ фӕхабар кодтой, Елисей Дота-
ны ис, зӕгъгӕ, 14ӕмӕ уырдӕм арвыста стыр
бӕхӕфсад, хӕстон уӕрдӕттимӕ. Ӕхсӕвы-
гон ӕрхъула кодтой сахарыл. 15Райсомӕй
Хуыцауы ӕвзӕрст лӕг ӕддӕмӕ рацыд ӕмӕ
федта: сахары алыварс лӕууы стыр ӕфсад,
ӕд бӕхтӕ, ӕд хӕстон уӕрдӕттӕ. Елисейы
афарста: «Ныр цы фӕуыдзыстӕм?»
16Уый йын загъта: «Ӕппындӕр мацӕмӕй
тӕрс, уымӕн ӕмӕ немӕ чи ис, уыдон фыл-
дӕр сты».
17Елисей скуывта: «О Дунедарӕг! Байгом
ын кӕн йӕ цӕстытӕ, ӕмӕ сӕ фена».
Дунедарӕг лӕггадгӕнӕджы цӕстытӕ
байгом кодта, ӕмӕ уый федта: Елисейы
алыварс хох бӕхты ӕмӕ пиллӕттӕ уадзгӕ
хӕстон уӕрдӕтты бынӕй зынгӕ дӕр нал
кӕны. 18Сириӕгтӕ йӕм куы ӕрбаввахс сты,
уӕд та Елисей Дунедарӕгмӕ скуывта: «Ба-
куырм сӕ кӕн!»
Ӕмӕ сӕ Уый бакуырм кодта Елисейы
дзырдӕй. 19Елисей сын загъта: «Раст фӕн-
дагыл нӕ рацыдыстут. Ай уыцы сахар нӕу.
Мӕ фӕдыл цӕут, ӕмӕ кӕй агурут, уымӕ уӕ

бахæццæ кæндзынæн». Æмæ сæ Самаримæ
акодта кодта.
20 Самаримæ куы бацыдысты, уæд Елисей
скуывта: «О Дунедарæг, сæ цæстытæ сын
байгом кæн, уадз æмæ уыной!»
Дунедарæг сын сæ цæстытæ байгом кодта
æмæ федтой, Самарийы астæу кæй сты, уый.
21 Уæд Израилы паддзах Елисейы бафарста:
«Уæд та сæ ныццæгъдин, мæ фыдыхай?»
22 Уый йын загъта: «Дæ къух сæм ма сис! Ау,
дæ кард æмæ дæ фаты фæрцы сæ райстай уа-
цары, куыд сæ хъуамæ ныццæгъдай? Фæлтау
сын хæрд æмæ нозт æрæвæр сæ разы, æмæ
куы бафсæдой, уæд сæ арвит сæ паддзахмæ».
23 Паддзах сæ дзаджджын фынгтыл æр-
бадын кодта. Куы фæминас кодтой, уæд
сæ ауагъта, æмæ сæ паддзахмæ ацыдысты.
Уæдæй фæстæмæ Сирийы æфсæдтæ Изра-
илы зæхмæ нал бырстой.
24 Фæлæ иу заман Сирийы паддзах Бен-
Хадад æрбамбырд кодта йе ’фсад, бабырста
Израилы зæхмæ æмæ Самарийыл æрхъула
кодта. 25 Уæд Самарийы скодта æвирхъау
стонг заман. Суанг ма хæрæджы сæр дæр уæй
кодтой æвзисты цыппарыссæдз шекелæй,
бæлоны бæркъайы кавæн та йæ цыппæрæм
хай — æвзисты фондз шекелæй. 26 Иуахæмы
Израилы паддзах фæцæйцыди сахары бы-
руйы сæрыл, æмæ йæм иу сылгоймаг ныхъ-
хъæр кодта: «Баххуыс мын кæн, мæ паддзах!»
27 Уый йын загъта: «Кæд дын Дунедарæг
не ’ххуыс кæны, уæд дын æз куыд баххуыс
кæнон? Нæдæр нæм тыллæджы мур куы
нал баззад, нæдæр — сæны æртах! 28 Цы дæ
хъæуы?»
Уый йын загъта: «Мæнæ мын ацы ус афтæ,
цæй æмæ, дам, абон дæу лæппуйы бахæрæм,
райсом та мæноны. 29 Æмæ иу бон мæ лæп-
пуйы сфыхтам æмæ йæ бахордтам, фæлæ
иннæ бон ацы ус йæ лæппуйы бамбæхста».
30 Паддзах сылгоймагæй уыцы ныхæстæ куы
фехъуыста, уæд йæ дарæс арæдывта фæй-
нæрдæм, æмæ, дарддæр куы фæцæйцыд,
уæд адæм федтой, мидæгæй йыл сæхъис
кæй уыди, уый. 31 Паддзах расомы кодта:
«Афтæтæ æмæ уфтæтæ, стæй мын ноджы
фылдæртæ бакæнæд Хуыцау, Шафаты фырт
Елисейы сæр ма абон йæ гуырыл куы баз-
зайа, уæд!»
32 Æмæ йæм марæджы арвыста. Уыцы за-
ман Елисей та сахары хистæртимæ бадтис йæ
хæдзары, æмæ йæ марæг нæма ’рбахæццæ,
афтæмæй сын зæгъы: «Уый зонут, æмæ мæм
уыцы лæгмар мæ марæджы æрбарвыста, мæ
сæр мын мæ гуырæй фæхицæн кæнынмæ.
Кæсут-иу, æмæ куыддæр фæзына, афтæ-иу
дуар рахгæнут æмæ йæ ма ’рбауадзут. Йæ
рарвитæджы дæр ныртæккæ ардæм хъæуы».
33 Дзургæ ма кодта, афтæмæй паддзах йæ-
хæдæг дæр æрбахæццæ ис æмæ Елисейæн
загъта: «Ныр ма цавæр æххуысмæ æнхъæл-
мæ кæсон Дунедарæгмæ, фыдбæллæхы нæ
Йæхæдæг куы баппæрста, уæд?»

**7** Ууыл Елисей загъта: «Дунедарæджы уы-
наффæмæ байхъусут! Райсом ацафон Са-
марийы кулдуары цур æвзаргæ ссады мæрт
уæй кæндзысты иу шекелыл, хъæбæрхоры
дыууæ мæрты дæр афтæ».
2 Паддзахы фæсдзæуин афтæ бакодта:
«Æниу Дунедарæг арвы дуæрттæ дæр куы ба-
кæнид, уæд уырдыгæй исты ахæм æрхауид!»
Елисей йын загъта: «Дæхи цæстæй сæ фен-
дзынæ, фæлæ дзы нæ саходдзынæ».
3 Уыцы заман сахары кулдуары æдде лæу-
уыди цыппар хъотырджыны æмæ сæхими-
дæг дзырдтой: «Ам цы боны хорзмæ кæсæм
нæ мæлæтмæ? 4 Сахармæ куы бацæуæм, уæд
уым адæм сыдæй мæлынц, æмæ мах дæр
амæлдзыстæм. Ам куы баззайæм, уæд дæр —
афтæ. Фæлтау сириæгты рæсæнуатмæ ацæ-
уæм, æмæ нæ сæрæгасæй куы ныууадзой,
уæд цæрдзыстæм, куы нæ амарой, уæд та
амæлдзыстæм».
5 Изæрмилты араст сты сириæгты асадæны
’рдæм. Йæ дæлбазырмæ куы бахæццæ сты,
уæд дын кæсынц, æмæ дзы цъиуызмæлæг
дæр нæ. 6 Уый Дунедарæг сириæгты хъустыл
ауайын кодта æнæнымæц æфсады уынæр,
тохуæрдæтты гыбар-гыбур æмæ бæхты мыр-
мыр. Бакатай кодтой сириæгтæ: «Израилы
паддзах нын хеттаг æмæ мысыраг паддзæх-
ты æфсæдтæ нæ ныхмæ баххуырста, æндæр
ницы». 7 Æмæ, нæ сæртæ бафснайæм, зæгъгæ,
изæрдалынгты лидзынмæ фесты. Ныууагъ-
той сæ цатыртæ, сæ бæхтæ, сæ хæрджытæ
æмæ сæ рæсæнуат дæр, куыд уыди, афтæмæй.
8 Ныр ацы хъотырджынтæ та асадæны
кæрон иу цатырмæ бацыдысты, бахордтой,
рануæзтой æмæ дзы æвзист, сыгъзæрин æмæ
уæлæдарæсæй цы уыди, уыдон рахастой
æмæ сæ бамбæхстой. Бацыдысты æндæр
цатырмæ дæр æмæ, уырдыгæй дæр цы рахас-
той, уый бамбæхстой. 9 Уый фæстæ загътой:
«Раст нæ кæнæм. Ацы бон цины бон у, æмæ
цины уац æвæстиатæй фехъусын кæнæм нæ
паддзахæн. Науæд боны срухсмæ ам куы
баззайæм, уæд фæазымджын уыдзыстæм».

**6:25** Кав – 0,3 литрмæ æвваxс.

10Сахары кæронмæ куы бахæццæ сты, уæд
кулдуаргæстæм фæдзырдтой æмæ сын ра-
хабар кодтой, зæгъгæ, сириаг рæсæнуатмæ
бацыдыстæм, æмæ дзы иу адæймаг дæр нæ
зыны, иу хъыпп-сыпп дзы никуыцæй хъу-
ысы, æрмæстдæр дзы ис баст бæхтæ æмæ
хæрджытæ, стæй æд ис-бис цатыртæ. 11Кулд-
уаргæстæ дарддæр алæвæрдтой уыцы хабар
æмæ йæ бахæццæ кодтой суанг паддзахы
галуанмæ. 12Паддзах æхсæвы сыстад æмæ
йæ дæлдæртæн загъта: «Сириæгтæ нын цы
бакæнинаг сты, уый уын зæгъон. Сыдæй
мæлынмæ æрцыдыстæм, уый зонынц æмæ
сæ асадæны æдде быдыры æрæмбæхстысты.
Хъуыды кæнынц, сахарæй куы рацæуой, уæд
сæ уадидæгæн уацары райсдзыстæм æмæ
сахармæ бабырсдзыстæм, зæгъгæ».
13Ууыл ын йæ дæлдæртæй иу зæгъы: «Ам
ма нæм фондз бæхы баззад, æмæ сæ рай-
сæнт. Уыдон дæр мæлынц, æппæт израи-
лæгтау. Сгарджытæ арвитæм æмæ хъуыддаг
базонæм».
14Паддзах сифтындзын кодта дыууæ хæс-
тон уæрдоны æмæ сириаг æфсады фæдыл
арвыста сгарджытæ. 15Фæдагур фæцыдыс-
ты суанг Иорданы онг. Ныр сириæгтæ та
сæ фыртагъдæй фæндагыл фæкалдтой сæ
дарæстæ æмæ сæ алы дзаумæттæ, æмæ сын
сæ адон куы федтой, уæд фæстæмæ раздæх-
тысты æмæ паддзахæн хабар радзырдтой.
16Уæд адæм сахарæй рацыдысты æмæ сириаг
асадæны ис-бис ииуылдæр рассывтой. Æмæ
уыцы бон æвзаргæ ссады мæрт уæй кодтой
иу шекелыл, хъæбæрхоры дыууæ мæрты
дæр — шекелыл, Дунедарæг Елисейы уылты
куыд загъта, афтæ. 17Паддзах сахары кулду-
ары раз цæстдарæгæй баурæдта йæ фæсдзæ-
уины, фæлæ йæ адæм сæ къæхты бын банай
кодтой, æмæ амард. Афтæмæй, ацы ран дæр
сæххæст ис Хуыцауы æвзæрст лæджы ныхас.
18Уый паддзахæн афтæ куы загъта, райсом
ацафон Самарийы кулдуары цур æвзаргæ
ссады мæрт дæр æмæ хъæбæрхоры дыууæ
мæрты дæр иу шекелыл уæй кæндзысты,
зæгъгæ, 19уæд ын ацы фæсдзæуин ахæм дзу-
апп радта: «Æниу Дунедарæг арвы дуæрттæ
куы бакæнид, уæд дæр уымæн уæвæн куыд
ис?» Æмæ йын Елисей загъта: «Уый дæхи
цæстæй фендзынæ, фæлæ дзы нæ саходдзы-
нæ». 20Æмæ æцæгдæр афтæ рауади хъуыддаг.
Паддзахы фæсдзæуин адæмы къæхты бын
фæци æмæ амард.

**8** Елисей, йæ лæппуйы кæмæн райгас кодта,
уыцы шунемаг сылгоймагæн бафæдзæхста:
«Дæ бинонтимæ уал æндæр искуыдæм ацу
цæрынмæ, уымæн æмæ Дунедарæджы фæн-
дæй ацы зæххыл авд азы дæргъы уыдзæн
æххормаг заман».
2Сылгоймаг байхъуыста Хуыцауы минæвары
дзырдмæ æмæ æд бинонтæ æрцарди филис-
тимæгты зæххыл. 3Авд азы куы аивгъуыдта,
уæд уыцы сылгоймаг филистимаг зæххæй æр-
баздæхт йæ фыдыуæзæгмæ æмæ паддзахмæ
хатæг бацыди, цæмæй йын фæстæмæ ратта
йæ хæдзар æмæ йæ зæххы хай. 4Тæккæ уыцы
рæстæг паддзах ныхас кодта Хуыцауы æвзæрст
лæджы лæггадгæнæг Гиезиимæ, куырдта дзы,
цæмæй йын радзура Елисейы диссæгтæ. 5Æмæ
йын уый мард лæппуйы райгасы хабар куыд
дзырдта, афтæ уыцы лæппуйы мад та паддзах-
мæ лæгъстæгæнæг æрбацыд, цæмæй йын йæ
хæдзар æмæ йæ зæххы хай фæстæмæ ратта.
Гиези паддзахæн загъта: «Мæ паддзах, мæнæ
ацы усæн райгас кодта йæ лæппуйы Елисей».
6Паддзах сылгоймаджы бафарста йæ хъу-
ыддагæй, æмæ йын æй уый бæстон куы
радзырдта, уæд йæ фæсдзæуинтæй иумæ
фæдзырдта æмæ йын бафæдзæхста, цæмæй
йын йæ исбон ииуылдæр фæстæмæ раттой,
уыимæ — йæ ацыдæй нырмæ йæ хуымæй
цы тыллæг ист æрцыд, уый дæр.
7Ныр Елисей та фæцыди Дамаскмæ. Уæд
Сирийы паддзах Бен-Хадад рынчын уыд,
æмæ йæм фæхабар кодтой, Хуыцауы минæ-
вар сахары ис, зæгъгæ. 8Паддзах Хазаелæн
загъта: «Хуынимæ ацу Хуыцауы минæвары
размæ, æмæ мын Хуыцауы бафæрсæд, сдзæ-
бæх уыдзынæн æви нæ».
9Хазаел ын Дамаскы хуыздæр хæрзтæй
æрцæттæ кодта дыууиссæдз теуауаргъы
æмæ уыдонимæ йæ размæ рацыд æмæ йын
загъта: «Дæумæ мæ рарвыста дæ иузæрдион
лæггадгæнæг, Арамы паддзах Бен-Хадад, йæ
низæй сдзæбæх уыдзæн, æви нæ, уымæй
бафæрсынмæ».
10Елисей йын загъта: «Цу æмæ йын афтæ
зæгъ: „Сдзæбæх уыдзынæ“. Фæлæ мын Ду-
недарæг раргом кодта, кæй амæлдзæн, уый».
11Елисей æдзынæг ныккасти Хазаелмæ,
æмæ йæм бирæ кæй каст, уымæ гæсгæ уый
фефсæрмы ис. Хуыцауы æвзæрст лæг æвип-
пайды ныккуыдта, 12æмæ йæ Хазаел афарс-
та: «Дæ зæрдæ цæмæй суынгæг ис, ме ’лдар?»
Уый йын дзуапп радта: «Израилы адæмæн
фыдбылыз кæй скæндзынæ, уымæй. Сæ
фидæрттæ сын басудздзынæ, сæ лæппуты
сын карды амæттаг бакæндзынæ, сæ дзи-
дзидайты сын ныммардзынæ, се ’нхъæлцау
сылгоймæгты сын афаддзынæ».

13Хазаел бадис кодта: «Ау, æмæ æз чи дæн,
цæмæй ахæм хъуыддаг бакæнон?»
Елисей йын загъта: «Дунедарæг мын рар-
гом кодта, Арамы паддзах ды уыдзынæ,
уый».
14Уыйадыл Хазаел аздæхти йæ паддзахмæ.
Уый йæ бафарста: «Цы дын загъта Елисей?»
Хазаел ын дзуапп радта: «Сдзæбæх, дам,
уыдзынæ».
15Дыккаг бон Хазаел хъæццул райста, ных-
хуылыдз æй кодта, паддзахы цæсгомыл
æй æрытыдта, æмæ паддзах амарди. Йæ
амæлæты фæстæ Арамы паддзах сси Хазаел.
16Израилы паддзах Йорамы, Ахавы фырты,
паддзахиуæджы фæндзæм аз Иудейæн пад-
дзах сси Иосафаты фырт Иорам. 17Паддзах
куы сси, уæд ыл цыди æртын дыууæ азы
æмæ Йерусалимы паддзахиуæг фæкодта аст
азы. 18Йе 'наккаг хъуыддæгтæй фæзмыдта
Израилы паддзæхты, уыимæ Ахавы бинонты,
уымæн æмæ йæ бинойнаг Ахавы чызг уыд.
Дунедарæгæн æнæуынон цы у, уыдæттæ
кодта. 19Фæлæ Дунедарæджы нæ фæндыд
Иудейы адæмы фесафын, Йæ цагъар Дави-
ды сæр нымайгæйæ, уымæн æмæ Давидæн
ныфс бавæрдта, йæ байзæддаг мыггагмæ
паддзæхтæ кæй уыдзысты, уымæй.
20Уыцы заман Едомы адæм нал уисæн
кодтой Иудейæн æмæ сæхицæн скодтой
паддзах. 21Иуахæмы Иорам æд бæхæфсад,
æд тохуæрдæттæ Цаирмæ бабырста. Едо-
мæгтæ йыл æрхъула кодтой, фæлæ сæ уый
æхсæвы ныццагъта, æмæ адæм сæ цатыртæм
фæлыгъдысты. 22Уæдæй абонмæ едомæгтæ
Иудейы дæлбар нал сты. Уыцы заман йæ
ныхмæ растади Ливнæйы сахар дæр.
23Иорамы иннæ хабæрттæ иууылдæр фыст
æрцыдысты «Иудейаг паддзæхты азфыс-
тыты чиныджы». 24Куы амарди, уæд æй ба-
вæрдтой йæ фыдæлты зæппадзы, йæ фыдæл
Давиды сахары. Йæ фæстæ паддзах сси йæ
фырт Ахазиа.
25Иудейаг паддзах Иорамы фырт Аха-
зиа Иудейæн паддзах сси Израилы паддзах
Йорамы, Ахавы фырты, паддзахиуæджы
дыууадæсæм аз. 26-27Паддзах куы сси Йеру-
салимы, уæд ыл цыди дыууæ æмæ ссæдз азы,
æмæ йæ паддзахиуæг æдæппæтæй ахаста
иу аз. Йæ мад Атали уыд израилаг паддзах
Амрийы чызг, æмæ уымæ гæсгæ Ахазиа
хион æйййæфта Ахавы мыггагæн. Ахавæн
йе 'наккаг митæ фæзмыдта, Дунедарæджы
зæрдæмæ цы нæ цæуы, уыдæттæ кодта.
28Ахавы фырт Йорамимæ Ахазиа бабырста
Галаадаг Рамотмæ æмæ схæцыди Арамы
паддзах Хазаелимæ. Арамейæгтæ фæцæфтæ
кодтой Йорамы, 29æмæ æрбаздæхт Изреел-
мæ — Рамоты сахары Хазаелимæ куы хæцыд,
уæд ын арамейæгтæ цы цæфтæ ныккодтой,
уыдонæй йæхи дзæбæх кæнынмæ. Уым æй
йæ рынчыны заман бабæрæг кодта иудейаг
паддзах Ахазиа, Иорамы фырт.

**9** Пехуымпар Елисей пехуымпарты аху-
ыргæнинæгтæй иумæ фæдзырдта æмæ йын
загъта: «Мæнæ ацы оливæйы сойы дурын
æвæстиатæй Галаадаг Рамотмæ ахæсс. 2Уым
бацагур Нимшийы фырт Йосафаты фырт
Йегуйы. Йе 'мбæлттимæ уыдзæн, æмæ йæ
сæ цурæй рахон æмæ йæ æндæр уатмæ хи-
бар ранмæ бакæн. 3Уым ын дæ дурыны сой
йæ сæрыл æруадз æмæ йын зæгъ: „Афтæ
зæгъы Дунедарæг: сæрдын дæ æмæ дæ Из-
раилæн сидын паддзахæй“. Уый фæстæ-иу
дуар фегом кæн æмæ лидз, фæстæмæ дæр
ма фæкæс, афтæмæй».
4Æвзонг пехуымпар, Елисейы æрвыст,
араст ис Галаадаг Рамотмæ. 5Куы бахæц-
цæ, уæд цæлхæмбырдæй бадгæ баййæфта
хæстон разамонджыты. Сæ иумæ дзы ба-
уырдыг: «Ахсджиаг ныхасаг мæ ис уемæ,
æфсады хицау».
Йегу йæ афарста: «Махæй кæимæ?»
Уый йын загъта: «Дæуимæ, æфсады хицау».
6Йегу сыстад йæ бынатæй æмæ пехуымпа-
римæ хæдзармæ бацыд. Уый йын йæ сæрыл
сой æруагъта æмæ йын загъта: «Афтæ зæгъы
Дунедарæг: „Сæрдын дæ æмæ дæ Израилæн
æвæрын паддзахæй. 7Ды ныццæгъддзынæ
дæ паддзах Ахавы байзæддæгты æмæ Мын
афтæмæй райсдзынæ Мæ маст. Райсдзынæ,
Иезавел кæй амарын кодта, Мæ уыцы ца-
гъарты туг: Мæ пехуымпарты æмæ Ме 'ппæт
лæггадгæнджыты туг. 8Ахавы хæдзарвæндаг
бабын уыдзæн, стырæй, чысылæй дзы иу
нæлгоймаг дæр нал ныуууадздзынæн Изра-
илы адæмы 'хсæн. 9Бафхæрдзынæн Ахавы
мыггаджы, Наваты фырт Йоровамы æмæ
Ахийайы фырт Баасайы мыггæгты куыд
бафхæрдтон, афтæ. 10Иезавелы дæр куыйтæ
бахæрдзысты Изреелы быдыры, æмæ æнæ-
ныгæдæй баззайдзæн“».
Пехуымпар куыддæр йæ ныхас фæци, аф-
тæ дуар йæ сæрыл ахаста æмæ алыгъди. 11Йе-
гу йæ хицауы лæггадгæнджытæм куы рацыд,
уæд æй уыдон бафарстой: «Цы хабар у? Уыцы
нæрæмон дæм цæй тыххæй æрбацыд?»
Дзуапп сын радта: «Цы лæг у æмæ цы æнæ-
хъола ныхæстæ фæкæны, уый уæхæдæг дæр
куы зонут».

12Йе ’мбæлттæ йæ баййардтой: «Фæдфæ-
ливæн ныхæстæ ма кæн! Радзур нын, цы
дын дзырдта, уый».
Йегу сын дзуапп радта: «Уый загъта: „Аф-
тæ зæгъы Дунедарæг: ацы байсæрстæй дæ
Æз Израилæн паддзахæй расидтæн“».
13Уыдон ын уайтагъд йæ къæхты бын
къæпхæнтыл сæ пæлæзтæ æрытыдтой, сы-
къауадындзтæй ныууасыдысты æмæ ныхъ-
хъæр кодтой: «Йегу сси паддзах!»
14Йосафаты фырт Йегу, Нимшийы мыг-
гагæй, тæккæ уыцы сахат Йорамы ныхмæ
скодта сусæгвæнд. Уыцы заман Йорам та
Израилы ’фсадимæ лæууыд Галаадаг Ра-
моты раз æмæ хæцыд Арамы паддзах Ха-
заелы ныхмæ. 15Фæлæ арамейæгтæ Йорамы
фæцæфтæ кодтой, Арамы паддзах Хазаелы
ныхмæ куы хæцыди, уæд, æмæ аздæхти Из-
реелмæ, йæхи дзæбæх кæнынмæ.
Йегу йе ’мбæлттæн загъта: «Кæд мемæ разы
стут, уæд уæ ацы сахарæй Израелмæ мачи али-
дзæд, ам цы ’рцыд, уый фехъусын кæнынмæ».
16Йегу йæхæдæг йæ бæхыл абадт æмæ
араст Изреелмæ, Йорам кæм сади æмæ йæм
Иудейаг паддзах Ахазиа бæрæггæнæг кæдæм
ацыд, уырдæм.
17Хъалагъур Изреелы мæсыджы сæрæй
ауыдта, Йегуйы æфсæдтæ куыд æрбабыр-
сынц, уый, æмæ паддзахæн фехъусын кодта:
«Бирæ æфсад æрбацæуы».
Йорам ын загъта: «Иу бæхджыны сæм
арвит æмæ, цы хабар æрбахастой, уымæй
сæ бафæрсæд».
18Бæхджын сæ размæ рацыд æмæ сын
загъта: «Паддзах фæрсы, хабæрттæ, дам,
куыд сты».
Йегу йын афтæ: «Цы дæ хъуыддаг ис ха-
бæрттæм? Цæугæ мæ фæдыл!»
Хъалагъур паддзахæн фехъусын кодта:
«Бæхджын сæм бахæццæ, фæлæ фæстæмæ
нал раздæхт». 19Арвыстой æндæр бæхджы-
ны, æмæ та уый дæр сæ размæ куы бахæццæ,
уæд загъта: «Паддзах фæрсы, хабæрттæ,
дам, куыд сты».
Йегу та уымæн дæр афтæ: «Цы дæ хъу-
ыддаг ис хабæрттæм? Цæугæ мæ фæдыл!»
20Хъалагъур та паддзахæн фехъусын кодта:
«Ацы бæхджын дæр сæ размæ бахæццæ æмæ
нал раздæхт. Æфсæдты раздзогæн йæ бæх
Нимшийы фырт Йегуйы бæхы цыд кæны,
уыцы знæтæй æрбалæгæрды».
21Йорам зæгъы: «Мæ уæрдон мын
сифтындз!»
Сифтыгътой уæрдон. Израилы паддзах
Йорам æмæ Иудейы паддзах Ахазиа сæ
уæрдæтты Йегуйы размæ ахæцыдысты. Баиу
сты изреелаг Навоты зæххы хайыл. 22Йорам
Йегуйы куы ауыдта, уæд æй бафарста: «Куыд
сты хабæрттæ?»
Йегу йын афтæ: «Куыд хъуамæ уой, дæ
мад Иезавел кæйдæр хуыцæуттæм куы ку-
ва æмæ йæхи æдзух дæсныфæрсæнтыл куы
ирхæфса, уæд?»
23Уый фехъусгæйæ, Йорам йæ уæрдон
фæстæмæ фездæхта æмæ лидзгæ-лидзын
ныхъхъæр кодта: «Гадзрахатæй ныл рацы-
дысты, Ахазиа!»
24Йегу йæ фат суагъта, æмæ Йорамæн йæ
дыууæ уæны ’хсæн бацыд æмæ йын разæй
йæ зæрдæ ратыдта. Йорам йæ уæрдоны куы
’рхаудта, 25уæд Йегу йæ фæсдзæуин Бидкарæн
загъта: «Цу æмæ йæ изреелаг Навоты зæхмæ
баппар. Æрхъуыды-ма кæн, йæ фыд Ахавы
фæдыл дыууæйæ куы цыдыстæм, уæд Дуне-
дарæг уыцы Ахавы тыххæй рагагъоммæ цы
загъта, уый: 26„Æз федтон, знон Навоты æмæ
йæ фыртты куыд амардтой, уый æмæ сын сæ
туг райсдзынæн ацы зæххы хайыл“. Гъемæ йæ
рахæсс æмæ йæ баппар уыцы зæххы хайыл,
æмæ Дунедарæджы дзырд сæххæст уыдзæн».
27Ныр иудейаг паддзах Ахазиа та фæцæй-
лыгъди Бет-Ганы ’рдæм. Фæлæ йæ Йегу фæс-
те асырдта æмæ йæ фæсдзæуинтæн бар-
дзырд радта: «Уый дæр амарут йæ уæрдоны!»
Хабар æрцыди Гуры бæрзæндыл, Ивлеа-
мы сахармæ æввахс. Ахазиа ма Мегиддойы
сахармæ баирвæзт æмæ уым амард. 28Йæ
фæсдзæуинтæ йæ аластой Йерусалиммæ,
Давиды сахармæ, æмæ йæ бавæрдтой йæ фы-
дæлты зæппадзы. 29Ахазиа Иудейы паддзах
сси Ахавы фырт Йорамы паддзахиуæджы
иуæндæсæм аз.
30Йегу Изреелмæ æрбаздæхт, æмæ Иезавел
уый куы базыдта, уæд йæ цæстытæ сахуырс-
та, йæ сæрмæ дæр базылди, æмæ афтæмæй
рудзынгæй æддæмæ кæсæг йæхи скодта.
31Йегу сахары кулдуарыл куыддæр бахызт,
афтæ йæм радзырдта: «Йæ паддзахы чи
амардта, уыцы Зимрийы хабар хорз рауади?»
32Йегу рудзынгмæ скасти æмæ ныхъхъæр
кодта: «Мæ чапартæ, кæм стут?»
Дыууæ æви йæм æртæ евнухы ракасти
рудзынгæй.
33Йегу сын загъта: «Раппарут уыцы
сылгоймаджы!»
Раппæрстой йæ, æмæ куы ’рхауди, уæд йæ
туг бакалди галуаны къулыл æмæ бæхтыл.
Йæ бæхы къæхты бын æй фæкодта Йегу.
34Уый фæстæ Йегу галуанмæ мидæмæ
бацыд, уым бахордта æмæ бануæзта, стæй

загъта: «Уыцы æлгъыстаджы кой бакæнут,
баныгæнут æй, уæддæр та паддзахы чызг у!»
35Рацыдысты йæм, фæлæ дзы сæрыкъуы-
дыр æмæ къухтæ æмæ къæхты стджытæй
уæлдай ницыуал ссардтой. 36Уæд фæстæмæ
æрбаздæхтысты æмæ хабар паддзахæн ра-
дзырдтой. Уый сын загъта: «Дунедарæг тиш-
бийаг Илийайы уылты цы загъта, уый йыл
æрцыд: Изреелы зæххыл Иезавелæн йæ мард
куыйтæ бахæрдзысты. 37Хуымы фаджысау
суыдзæн йæ мард Изреелы быдыры, æмæ
ничиуал зæгъдзæн, уый Иезавел у, зæгъгæ».

**10** Самарийы сахары Ахавы фырттæ æмæ
йæ фырты фырттæ нымæцæй уыдысты дæс
æмæ æртиссæдз. Йегу арвыста фыстæджытæ
Самаримæ, Изреелы хицæуттæм — сахары
хистæртæм æмæ Ахавы цоты хъомылгæн-
джытæм. Фыст дзы уыдис: 2«Уæ паддзахы цот
уæ разы сты. Ис уæм хæстон уæрдæттæ æмæ
бæхтæ, уæ сахар фидар æмæ æдас у, фаг уæм
ис хæцæнгæрзтæ дæр. 3Гъемæ уæ паддзахы
зæнæгæн сæ хуыздæры равзарут æмæ йæ
сбадын кæнут йæ фыды паддзахы бадæны,
æмæ уæ паддзахады сæраппонд рахæцут».
4Уыдонæн фыр тæссæй сæ уд ауад Йегуйы
ныхæстæм æмæ загътой: «Дыууæ паддза-
хы бон ын ницы баци, уæд ын мах бон цы
бауыдзæн?»
5Паддзахы галуаны уагдар, сахары хицау,
хистæртæ æмæ паддзахы цоты хъомылгæн-
джытæ Йегумæ арвыстой сæ курдиат: «Мах
дæ цагъартæ стæм æмæ нын цы зæгъай, уый
бакæндзыстæм. Ам паддзахæй никæй æвза-
рæм, æмæ, дæхи зæрдæ цы зæгъы, уый кæн».
6Уæд сæм Йегу ныффыста дыккаг фыстæг:
«Уæдæ кæд мæ фарс стут æмæ мæ коммæ
кæсут, уæд мæм Изреелмæ райсом уæ пад-
дзахы фыртты сæртæ æрбахæссут».
Паддзахæн уыди дæс æмæ æртиссæдз
фырты. Сахары нымаддæр лæгтæ уыдысты
сæ хъомылгæнджытæ.
7Адон уыцы фыстæг куы райстой, уæд
паддзахы байзæддæгты амарын кодтой, сæ
сæртæ сын чыргъæдты нывæрдтой æмæ сæ
Йегумæ Изреелы сахармæ арвыстой. 8Йегу-
йæн уыцы хабар куы фехъусын кодтой, уæд
загъта: «Кулдуары æрбацæуæны сæ дыууæ
цæнды скæнут æмæ сæ райсоммæ афтæмæй
ныууадзут».
9Райсомæй Йегу адæмы размæ рацыд æмæ
сын загъта: «Сымах ницы азымджын стут.
Æз мæ паддзахы ныхмæ скодтон сусæг-
вæнд æмæ йæ амардтон, фæлæ адоны та
чи амардта? 10Уæдæ зонут, Ахавы хæдзары
тыххæй Дунедарæг Йæ цагъар Илийайæн
цыдæриддæр загъта, уыцы ныхæстæй иунæг
дæр æнæ сæххæст уæвгæ нæ баззайдзæн».
11Æмæ Йегу амарын кодта, Ахавы хæдзар-
вæндагæй ма Изреелы чидæриддæр баззад,
уыдоны, ноджы ма йын — йæ барджынты, йæ
зонгæты æмæ йæ сауджынты дæр. Иу дæр
сæ нал баззад. 12Уый фæстæ Йегу æрбаз-
дæхти Самаримæ. Фæндагыл ма куы уыди,
уæд Бет-Екед-Роимы 13амбæлдис иудейаг
паддзах Ахазиайы ’рвадæлтыл æмæ сæ ба-
фарста: «Чи стут?»
Дзуапп ын радтой: «Ахазиайы ’рвадæл-
тæ. Паддзахæн йæ цот æмæ йе ’фсымæрты
бабæрæг кæнынмæ цæуæм, куыд сты, цы
сты, уый фенынмæ».
14Йегу йæ фæсдзæуинтæн бардзырд радта:
«Æрцахсут сæ!»
Æмæ цæ æрцахстой — дыууæ æмæ дыууис-
сæдз лæджы Бет-Екеды цъайы цур амардтой,
иу дæр сæ удæгасæй нал баззад.
15Йегу уырдыгæй дарддæр Самарийы
’рдæм куыд фæцæйцыд, афтæ дын мæнæ
йæ ныхмæ æрбацæуы Рехавы фырт Йонадав.
Йегу йын салам радта æмæ йæ бафарста:
«Мæныл дæ зæрдæ куыд дарыс, афтæ дын
дæхиуыл дæр зæрдæ дарæн ис æви нæ?»
Йонадав ын загъта: «О». — «Уæдæ дæ къух
æри!»
Æмæ йæм Йегу уæрдонæй йæ къух ралæ-
вæрдта æмæ йæ сбадын кодта йæ фарсмæ.
16Загъта йын: «Цом мемæ æмæ, Дунедарæгыл
куыд æнувыд дæн, уый дæр фен!»
Æмæ Йонадав араст ис йемæ.
17Самаримæ куы бахæццæ сты, уæд Йегу
амарын кодта, Ахавæн ма уым чи баззад,
уыдоны дæр. Афтæмæй йын йæ мыггаг бын-
тондæр сыскъуыдта, Дунедарæг Илийайы
уылты куыд загъта, афтæ.
18Уый фæстæ Йегу Самарийы цæрджыты
се ’ппæты дæр æрæмбырд кодта æмæ сын
загъта: «Ахав фаг нæ балæггад кодта Баалæн,
хъуамæ йын æз фылдæр балæггад кæнон.
19Фæсидут мын Баалы пехуымпартæм, йе
’ппæт лæггадгæнджытæ æмæ йе ’ппæт сау-
джынтæм, иу дæр дзы æнæ ’рбацæугæ ку-
ыннæ баззайа, афтæ. Баалæн стыр нывонд
хæсдзынæн. Чи не ’рбацæуа, уыдонæй иу
дæр æгасæй нæ баззайдзæн».
Æцæгæй та Йегумæ хин фæнд уыдис, Ба-
алы лæггадгæнджыты се ’ппæты дæр ныц-
цæгъдыны фæнд. 20Бардзырд радта Баалы
кадæн бæрæгбон скæныны тыххæй. 21Йегуйы
æрвыст лæгтæ æппæт Израилы зæххыл дæр
æрзылдысты, æмæ Баалы лæггадгæнджыты

бæрæгбонмæ æрæмбырд кодтой, иу дæр дзы
æнæ ’рбацæугæ нæ баззад. Афтæмæй Баалы
кувæндон байдзаг адæмæй, къух бакæнæн
дæр дзы нал уыд. 22Бæрæгбоны дарæстæ кæй
бæрны уыдысты, уымæн Йегу бафæдзæхста,
цæмæй Баалы лæггадгæнджытæн дарæстæ
рахæсса. Уый рахаста, 23æмæ Йегу Рехавы
фырт Йонадавимæ Баалы кувæндонмæ ба-
цыд æмæ Баалы лæггадгæнджытæн загъта:
«Æркæсут-ма, мыййаг, уе ’хсæн Дунедарæ-
джы лæггадгæнджытæй исчи ис? Хъуамæ
ам æрмæст Баалы лæггадгæнджытæ уой!»
24Æмæ райдыдтой кусæрттæгтæ кæнын,
иуулылсудзинæгтæ хæссын. Ныр Йегу та ку-
вæндоны æдде æрæвæрдта цыппарыссæдз
лæджы æмæ сын бафæдзæхста: «Баалы адæ-
мæй уæ иунæджы дæр удæгасæй чи ауадза,
уый йæ бæсты амæлдзæн!»
25Иууылсудзинæгтæ хаст куы фесты, уæд
Йегу йæ хъахъхъæнджытæ æмæ æфсады
хицæуттæн загъта: «Цæугæут мидæмæ æмæ
сæ ныццæгъдут, иу дæр сæ куыннæуал баз-
зайа, афтæ!»
Уыдон се ’ппæты дæр ныццагътой æмæ
сын сæ мæрдтæ уынгмæ раппæрстой, уый
фæстæ Баалы кувæндонмæ бацыдысты.
26Баалы кувæндонæй æддæмæ рахастой
гуымирыты æмæ сæ басыгътой. 27Баалы
гуымиры ныппырх кодтой, йæ кувæндон
ын фехæлдтой æмæ дзы уазæгдон сарæзтой.
Ныронг дæр афтæмæй баззади.
28Афтæ Йегу Израилы зæххыл кæрон
скодта Баалæн. 29Æцæг, дарддæр фæзмыд-
та, Наваты фырт Йоровам Израилы цы тæ-
ригъæдтыл бафтыдта, уыдон, Вефил æмæ
Даны сыгъзæрин уæнгуытæн табу кодта.
30Дунедарæг Йегуйæн загъта: «Мæ рæс-
таг фæндон Мын кæй сæххæст кодтай æмæ
Ахавы хæдзарæн, Мæн куыд фæндыд, афтæ
кæй бакодтай, уый тыххæй дæ байзæддæгтæ
цыппæрæм фæлтæры онг Израилы паддзахы
бадæны баддзысты».
31Фæлæ Йегу йæ уды æппæт хъарутæ нæ лæ-
вæрдта Дунедарæджы, Израилы Хуыцауы, æгъ-
дæуттæ æххæст кæнынæн. Фæзмыдта Наваты
фырт Йоровамы тæригъæдджын митæ, уыйау
Израилы адæмы кодта тæригъæдты амæттаг.
32-33Паддзах Йегуйы заман Дунедарæг рай-
дыдта Израилы зæхх дихтæ кæнын. Сирийы
паддзах Хазаел бацахста бæстæйы стыр хай
Иорданæй скæсæнæрдæм, Арноны былгæрон
Ароеры сахарæй райдай æмæ суанг Галаады
хæхбæстæ æмæ Башаны къуылдымты онг.
Уыдон сты Гады, Рувимы æмæ Менассийы
хæдзарвæндæгты зæххытæ.
34Йегуйы иннæ хъуыддæгтæ æмæ йе
сгуыхтытæ иууылдæр фыст æрцыдысты
«Израилаг паддзæхты азфыстыты чиныг-
джы». 35Куы амарди, уæд æй бавæрдтой йæ
фыдæлты зæппадзы, Самарийы. Йæ фæстæ
паддзах сси йæ фырт Йоахаз.
36Йегу Самарийы сахары Израилæн пад-
дзахиуæг фæкодта аст æмæ ссæдз азы.

**11** Ахазиайы мад Атали йæ лæппуйы амæ-
лæты хабар куы фехъуыста, уæд бардзырд
радта иудейаг паддзæхты мыггаг сыскъуы-
ныны тыххæй. 2Фæлæ паддзах Иорамы чызг
Йошевæ, Ахазиайы хо, паддзахы фыртты
’хсæнæй радавта Ахазиайы чысыл лæппу
Иоасы, йæ дыджызæйы дæр ын ракодта,
æмæ лæппуйы хуыссæнуаты бамбæхстой
Аталийæ. Уый фæрцы Иоас мæлæтæй фер-
вæзти. 3Дунедарæджы Кувæндоны йæ ды-
джызæимæ æмбæхстæй фæци æхсæз азы,
цалынмæ Атали паддзахиуæг кодта, уæдмæ.
4Æвдæм аз куы ралæууыд, уæд сауджын
Йехода паддзахы сæдæйыхицæуттæм æмæ
галуан хъахъхъæнджытæм фæдзырдта. Йæ-
химæ сæ Дунедарæджы Кувæндонмæ æр-
бакодта, семæ бафидыдта, ног паддзахыл
иузæрдион кæй уыдзысты, уый тыххæй
сын ард бахæрын кодта æмæ сын паддзахы
фырты равдыста. 5Бафæдзæхста сын: «Афтæ
бакæнут! Уе ’фсады æртыккаг хай, сабаты
хъалагъуур чи хæсдзæн, уыдон паддзахы
галуан хъахъхъæнæнт. 6Иннæ æртыккаг хай
хъахъхъæнæд Суры кулдуар, аннæ æртык-
каг хай та, галуаны хъахъхъæнджытæ кæм
уыдзысты, уыцы хæдзары чъылдым. Афтæ
бакæнын хъæуы, цæмæй Кувæндоны мид-
дуармæ фыдгултæй мачи баирвæза. 7Сабаты
хъалагъуур хаст чи фæуа, уæ уыцы адæмæй
дыууæ хайы хъалагъуур хæсдзысты Дуне-
дарæджы Кувæндоны, хъахъхъæндзысты
паддзахы. 8Æд гæрзтæ-иу лæуут йæ алы-
варс æмæ йæ хъахъхъæнут цæстыгагуыйау,
йæ алы къахдзæф дæр уын барст куыд уа,
афтæ. Æввахс уæм чидæриддæр бацæуа,
уый-иу амарут». 9Сæдæйыхицæуттæ бакод-
той, сауджын Йехода сын куыд бафæдзæхс-
та, афтæ. Алчидæр сæ æрæмбырд кодта йæ
адæмы, сабаты хъалагъуур хæссыны тыххæй
кæрæдзийы ивæг къордты, æмæ афтæмæй
Йеходамæ æрбацыдысты. 10Сауджын сыл
байуæрста, кæддæр паддзах Давид Дунеда-
рæджы Кувæндоны кæй бафснайдта, уыцы
æрцытæ æмæ уартытæ. 11Æмæ æдхотых
хъахъхъæнджытæ æдде æрдæгзылдæй æр-
лæууыдысты Кувæндонæн йæ рахиз тигъæй,

нывондхӕссӕны ӕддӕты, йӕ галиу тигъы
онг, цӕмӕй алырдыгӕй бахъахъхъӕной пад-
дзахы. 12Сауджын паддзахы фырты ӕддӕмӕ
ракодта, паддзахы худ ыл ӕркодта ӕмӕ
йын радта паддзахиуӕджы ӕвдисӕндар.
Уый фӕстӕ йӕ байсӕрста ӕмӕ йӕ расидти
паддзахӕй. Иууылдӕр ын нымдзӕгъд код-
той ӕмӕ цинхъӕр самадтой: «Ӕгас цӕуӕд
паддзах!»

13Атали хъахъхъӕнджыты ӕмӕ иннӕ
адӕмы хъӕлӕс куы айхъуыста, уӕд Ду-
недарӕджы Кувӕндоны ʼрдӕм фӕраст ис.
14Цӕуы ӕмӕ уыны: ног паддзах, ӕгъдау
куыд амыдта, уымӕ гӕсгӕ лӕууы къуы-
быргондыл. Йӕ разы — ӕфсады хицӕуттӕ
ӕмӕ сыкъахӕтӕлтӕй цӕгъдджытӕ. Адӕм
иууылдӕр цин кӕнынц, хӕтӕлтӕй цӕгъ-
дынц. Ӕмӕ Атали йӕ уӕлӕдарӕс арӕдывта
фӕйнӕрдӕм ӕмӕ ныцъцъӕхахст кодта:
«Сусӕгвӕнд! Сусӕгвӕнд!»

15Дунедарӕджы Кувӕндоны йӕ куынӕ
амариккой, зӕгъгӕ, Йехода сӕдӕйыхицӕут-
тӕн бардзырд радта: «Ардыгӕй йӕ акӕнут
ӕмӕ, йӕ фӕдыл чидӕриддӕр ацӕуа, уыдо-
ныл дӕр ма бацауӕрдут!»

16Ныххӕцыдысты йыл ӕмӕ йӕ Бӕхты
кулдуарыл паддзахы галуаны ʼрдӕм акодтой
ӕмӕ йӕ уым амардтой.

17Йехода иудейаг адӕм ӕмӕ паддзахӕн
Дунедарӕгимӕ фидыд саразын кодта. Адӕ-
мы сӕйраг хӕс — Дунедарӕгӕн лӕггад кӕ-
нын. Ноджы ма Йехода саразын кодта фи-
дыд паддзах ӕмӕ адӕмы ʼхсӕн дӕр. 18Уӕд
адӕм иууылдӕр Баалы кувӕндонмӕ агуылф
кодтой ӕмӕ йӕ ныппырх кодтой, йӕ ны-
вондхӕссӕнтӕ ӕмӕ йын йӕ гуымирытӕ
ныззыгуым кодтой, Баалы сауджын Маттаны
та амардтой нывондхӕссӕны тӕккӕ цур.

Уый фӕстӕ Йехода бахӕс кодта Дунедарӕ-
джы Кувӕндон хъахъхъӕнын. 19Уый тыххӕй
бардзырд радта сӕдӕйыхицӕуттӕн, стӕй
паддзахы хъахъхъӕнджытӕн ӕмӕ ӕппӕт
адӕмӕн дӕр. Ӕмӕ паддзахы Дунедарӕджы
Кувӕндонӕй хъахъхъӕнджыты кулдуа-
рыл паддзахы галуанмӕ бахуыдтой. Ӕмӕ
паддзах уым йӕ паддзахы бадӕны ӕрбадт.
20Афтӕмӕй Иудейы адӕм бӕрӕгбоны цинтӕ
кодтой. Сахармӕ ӕрцыд удӕнцойы заман.

Ныр Аталийы та паддзахы галуаны амард-
той кардӕй. 21Иоас Иудейы паддзах сси
авдаздзыдӕй.

**12** Израилы паддзах Йегуйы паддзахи-
уӕджы ӕвдӕм аз паддзах сси Иоас ӕмӕ
Йерусалимы сахары паддзахиуӕг фӕкодта
дыууиссӕдз азы. Йӕ мад Цивйа уыди беер-
шевӕйаг чызг. 2Иоас цӕргӕ-цӕрӕнбонты
Дунедарӕгӕн фӕндон хъуыддӕгтӕ кодта,
сауджын Йехода йын куыд амыдта, афтӕ.
3Ӕрмӕст кувӕн къуыбыртӕ нӕ аивта, адӕм
йӕ заманы дӕр кусӕрттӕ кодтой ӕмӕ буд
сыгътой уыцы къуыппытыл.

4Иоас сауджынтӕн бафӕдзӕхста: «Дуне-
дарӕджы Кувӕндонмӕ ӕрбацӕуӕг-иу, йӕ
рӕдау къух куыд амона, афтӕ йе ʼвзисты
хъалон, фиддон кӕнӕ хуын куы ӕрбахӕсса,
5уӕд-иу алы сауджын дӕр, чи йӕм ӕрбацӕ-
уа, уымӕн йе ʼвзист райсӕд ӕмӕ йӕ цӕст
дарӕд, цӕмӕй иууылдӕр хардзгонд цӕуа
Кувӕндоны хӕлддзӕгтӕ цалцӕг кӕныныл».

6Ӕцӕг, Иоасы паддзахиуӕгыл дыууын
ӕртӕ азы куы рацыд, уӕд дӕр сауджынтӕ
нӕма бавнӕлдтой уыцы бӕрнон куыстмӕ.
7Ӕмӕ уӕд паддзах Иоас фӕдзырдта Йехода
ӕмӕ иннӕ сауджынтӕм ӕмӕ сӕ бафарста:
«Кувӕндон цӕуылнӕ сцалцӕг кӕнут ны-
ронг? Уӕдӕ афтӕ! Ӕххуыс уын чи кӕны,
уыдонӕй ӕхца мауал исут, фӕлӕ сӕ раттут
Кувӕндон цалцӕгӕн кӕнынӕн».

8Сауджынтӕ дзырд радтой, адӕмӕй ӕхца
кӕй нал исдзысты ӕмӕ Кувӕндон цалцӕг
кӕныны хъуыддагӕй сӕхи кӕй аиуварс
кӕндзысты.

9Сауджын Йехода райста асыкк, йӕ сӕ-
рыл ын хуынкъ скодта ӕмӕ йӕ нывонд-
хӕссӕны рахизфарс ӕрӕвӕрдта. Ӕмӕ-иу
Дунедарӕджы Кувӕндонмӕ цӕуӕг адӕм
цы ӕхца ӕрбахастой, уыдон-иу кулдуар
хъахъхъӕнӕг сауджынтӕ уыцы асыччы нып-
пӕрстой. 10Асыкк байдзаг ис, уый-иу куы
федтой, уӕд-иу паддзахы нымӕрдар ӕмӕ
алчер ӕрбацыдысты, ӕвзист-иу дзӕкъулты
бабастой ӕмӕ-иу сын сӕ уӕз сбарстой. 11Уый
фӕстӕ-иу уыцы ӕвзист радтой, Дунедарӕ-
джы Кувӕндон цалцӕг кӕнын кӕй бӕрны
уыдис, уыцы лӕгтӕм, ӕмӕ дзы уыдон мызд
фыстой хъӕддӕснытӕ, аразджытӕ, 12си-
самайджытӕ ӕмӕ дурлӕгъзгӕнджытӕн.
Кувӕндоны хӕлддзӕгтӕ баныввыл кӕнынӕн
ӕмӕ йӕ иннӕ хъуӕгтӕн афоныл ӕлхӕдтой
хъӕдӕрмӕг ӕмӕ лӕгъзгонд дуртӕ.

13Ӕрмӕст Кувӕндонӕн конд не ʼрцыди
ӕвзист тӕбӕгътӕ, кӕрдтӕ, къустӕ, сыкъауа-
дындзтӕ, стӕй алы ӕндӕр сыгъзӕрин ӕмӕ
ӕвзист мигӕнӕнтӕ. 14Ӕвзист иууылдӕр
лӕвӕрд цыди, Кувӕндон цалцӕг кӕныны
куыст кӕй бӕрны уыди, уыдонӕн. 15Бӕрны
лӕгтӕй дзуапп нӕ домдтой, уымӕн ӕмӕ
уыдон ӕууӕнкджын адӕм уыдысты. 16Ӕр-
мӕст-иу фиддоны нывонд ӕмӕ тӕригъӕды

нывонды тыххæй цы ’взист æрбахастой, уый
Кувæндонæн лæвæрд нæ цыд, уымæн æмæ
уый уыди сауджынты хай.
17Уыцы заман Арамы паддзах Хазаел Гаты
сахары ныхмæ схæцыд æмæ йæ бацахста.
Уый фæстæ та сфæнд кодта Йерусалиммæ
бабырсын. 18Фæлæ Иудейы паддзах Иоас
райста, йæ фыдæлтæ, Иудейы паддзæхтæ —
Иосафат, Иорам æмæ Ахазиа — Кувæндоны
къæбицмæ цы уаз дзауматæ бахастой, стæй
Кувæндоны хæзнадæтты сыгъзæринæй цы-
дæриддæр разынди, уыдон, æмæ сæ Арамы
паддзах Хазаелæн арвыста. Æмæ уæд уый
Йерусалиммæ нал бабырста.
19Иоасы иннæ хабæрттæ иуууылдæр фыст
æрцыдысты «Иудейаг паддзæхты азфыс-
тыты чиныджы».
20Паддзах Иоасы ныхмæ йæ дæлдæртæ
сусæгвæнд скодтой æмæ йæ амардтой Сил-
ламæ фæндагыл, Миллойы бæстыхайы. 21Йæ
дæлдæртæ, чи йæ амардта, уыдон уыдысты:
Шиматы фырт Йозавад æмæ Шомеры фырт
Йехозавад. Йæ мард ын бавæрдтой йæ фы-
дæлты зæппадзы, Давиды сахары. Йæ фæстæ
паддзах сси йæ фырт Амациа.

**13** Иудейаг паддзах Иоасы, Ахазиайы фырты,
паддзахиуæджы дыууын æртыккæгæм аз Са-
марийы сахары Израилæн паддзах сси Йегуйы
фырт Йоахаз. Йæ паддзахиуæг ахаста æвддæс
азы. 2Йоахаз, Дунедарæгæн æнæуынон цы
у, уыдæттæ кодта, Наваты фырт Йоровамы
фæзмыдта, фæсте нæ зади, Израилы адæмы
Йоровам цы тæригъæдты бафтыдта, уыдонæй.
3Дунедарæгæн Йæ маст ссыгъд Израилы
адæммæ æмæ сæ Йоахазы заман Арамы
паддзах Хазаелы къухмæ радта, фæстæдæр
та сыл Хазаелы фырт Бен-Хадады æфсондз
сæвæрдта. 4Фæлæ Йоахаз Дунедарæгæн ба-
лæгъстæ кодта, æмæ йæм Дунедарæг бай-
хъуыста, уымæн æмæ федта, Арамы паддзах
израилæгты куыд æфхæрдта, уый. 5Дунеда-
рæг Израилы адæмæн ирвæзынгæнæджы
радта, æмæ арамейæгты æфсондзы бынæй
суæгъд сты. Сæ цæрæнты æдасæй цæрын
райдыдтой, уымæй размæ куыд уыдис, аф-
тæ. 6Æцæг, Израилы адæмы тæригъæды чи
бафтыдта, уыцы Йоровамы æнаккаг митæ
фæзмыдтой, фæсте дзы нæ задысты. Аше-
рæйы цæджындз дæр лæууыди Самарийы.
7Йоахазмæ ма æдæппæтæй баззади дæс
хæстон уæрдоны, дæс æмæ дыууиссæдз
уæрдонджыны, стæй дæс мин фистæг хæс-
тоны, уымæн æмæ сæ Арамы паддзах ныд-
дæрæн кодта.
8Йоахазы иннæ хъуыддæгтæ æмæ йе
сгуыхтытæ иуууылдæр фыст æрцыдысты
«Израилаг паддзæхты азфыстыты чиныджы».
9Йоахаз куы амарди, уæд æй бавæрдтой йæ
фыдæлты зæппадзы, Самарийы. Йæ фæстæ
паддзах сси йæ фырт Йоаш.
10Иудейы паддзах Иоасы паддзахиуæджы
æртын æвдæм аз Самарийы сахары Израи-
лæн паддзах сси Йоахазы фырт Йоаш. Йæ
паддзахиуæг ахаста æхсæрдæс азы. 11Дуне-
дарæгæн æнæуынон цы у, уыдæттæ кодта,
фæсте нæ зади Наваты фырт Йоровамæй,
Израилы тæригъæдты амæттаг чи бакод-
та, уымæй; уый дæр уыцы тæригъæдтыл
бафтыд.
12Йоашы иннæ хъуыддæгтæ, йе сгуых-
тытæ æмæ йæ хæстон хабæрттæ, иудейаг
паддзах Амациаимæ куыд хæцыд, уыдæттæ,
фыст æрцыдысты «Израилаг паддзæхты
азфыстыты чиныджы». 13Куы амарди, уæд
Израилæн паддзах сси Йеровоам. Йоашæн
та йæ мард бавæрдтой Израилы паддзæхты
зæппадзы, Самарийы.
14Елисей мæлæтдзаг низæй фæрынчын ис.
Куы æруатон, уæд æй Израилы паддзах Йоаш
бабæрæг кодта æмæ йæ сæрмæ фæкуыдта:
«Мæ фыд, мæ фыд! Ды куы дæ Израилæн йæ
хæстон уæрдон дæр æмæ йæ бæхтæрæг дæр!»
15Елисей йын загъта: «Райс-ма фæттæ æмæ
æрдын!» Уый сæ райста. 16-17Елисей та Израи-
лы паддзахæн ногæй загъта: «Скæсæнæрдæм
цы рудзынг кæсы, уый байгом кæн, æрдын-
бос айваз æмæ фехс!» Йоаш æрдынбос куы
айвæзта, уæд ын Елисей йæ къухтыл йæхи
къухтæ æрæвæрдта. Йоаш фехста фат, æмæ
йын Елисей загъта: «Ацы фат у, Дунедарæг
уын кæй баххуыс кæндзæн, уый нысан. Ду-
недарæг лæудзæни уæ фарсмæ, арамейæгты
ныхмæ куы схæцат, уæд, æмæ сæ бынтон
ныццæгъддзыстут Афекы».
18Уый фæстæ Елисей загъта Израилы пад-
дзахæн: «Райс-ма иннæ фæттæ дæр!» Уый сæ
райста, æмæ йын Елисей загъта: «Зæхх сæ
æрцæв!» Уый сæ æртæ хатты зæхх æрцавта
æмæ æрлæуууыд. 19Ууыл æм Хуыцауы æв-
зæрст лæг смæсты æмæ йын загъта: «Фондз
кæнæ æхсæз цæфы куы фæкодтаис зæххæн,
уæд бынтондæр ныццагътаис сириæгты.
Ныр сæ æрмæст æртæ хатты ныддæрæн
кæндзынæ».
20Елисей амарди, æмæ йæ зæппадзы
бавæрдтой.
Иннæ аз Израилмæ æрбалæбурдтой мо-
авæгты æрдонгтæ. 21Æмæ иуахæмы из-
раилæгтæ иу лæджы куы ныгæдтой, уæд

ауыдтой моавæгты æфсад. Фыр тæссæй сæ
марды тагъд-тагъд Елисейы зæппадзмæ
баппæрстой. Марды буар хаугæ-хауын Ели-
сейы стджытыл андзæвыд æмæ райгас ис,
йæ дыуу æ къахыл слæууыд.
22Йоахазы заман Арамы паддзах Хазаел
ссæста израилæгты. 23Фæлæ сæм уæддæр
Дунедарæджы зæрдæ фæсасти æмæ сын
фæтæригъæд кодта, Авраам, Исаак æмæ
Йаковимæ цы фидыд сарæзта, ууыл хъуы-
дыгæнгæйæ. Нал Æй бафæндыд сæ фесафын
æмæ сæ нал аздæхта Йе 'ргом.
24Арамы паддзах Хазаел куы амард, уæд
йæ бæсты паддзах сси йæ фырт Бен-Хадад.
25Уæд Йоахазы фырт Йоашæн бантыст, йæ
заманы йын Бен-Хадады фыд Хазаел йæ
фыдæй кæй байста, уыцы сахартæ фæстæ-
мæ йæхи бакæнын. Æртæ хатты ныддæрæн
кодта Бен-Хадады æфсæдты æмæ Израилы
сахартæ фæстæмæ байста.

**14** Израилаг паддзах, Йоахазы фырт Йо-
аш, дыккаг аз паддзахиуæг куы кодта, уæд
Иудейы паддзах сси Иоасы фырт Амациа.
2Паддзах куы сси, уæд ыл цыди фондз æмæ
ссæдз азы, æмæ Йерусалимы паддзахиуæг
фæкодта фараст æмæ ссæдз азы. Йæ мад
уыд йерусалимаг чызг, йæ ном — Йехоадан.
3Амациа йæ фыд Иоасау Дунедарæгæн æх-
цон цы у, уыдæттæ кодта. Æцæг, уымæй йæ
фыдæл Давиды не 'ййæфта. 4Зæгъæм, кувæн
къуыбыртæ нæ аивта, æмæ адæм йæ зама-
ны дæр кусæрттæ кодтой æмæ буд сыгътой
уыцы къуыппытыл.
5Амациайæн йæ паддзахдзинад куы æр-
фидар ис, уæд амардта йæ лæггадгæнджы-
ты, йæ фыды марджыты. 6Æрмæст сын сæ
фырттты нæ амардта, уымæн æмæ Моисейы
Æгъдауы чиныджы Дунедарæг зæгъы: «Йæ
фырты азымы тыххæй фыдæн марæн нæй,
йæ фыды азымы тыххæй та — фыртæн: алчи
йæ тæригъæды тыххæй хъуамæ йæхæдæг
амæла».
7Амациа Цæхджын дæлвæзы дæс мин
едомаджы ныццагъта. Уый фæстæ схæцыд
Селайы сахары ныхмæ æмæ йæ бацахста.
Радта йын ног ном — Йоктеел. Ныронг дæр
æй афтæ хонынц.
8Уыцы заман Амациа минæвæрттæ арвыста
паддзах Йоашмæ, Йоахазы фыртмæ, Йегуйы
фырты фыртмæ, мæ размæ рацу æмæ нæ хъа-
рутæ лæгæй-лæгмæ бавзарæм, зæгъгæ. 9Йоаш
дæр æй æнæ дзуаппæй куыд ныуу агътаид
æмæ йæм ахæм дзуапп арвыста: «Ливайнаг
какон сындз ливайнаг кедрæн загъта, дæ
чызджы мын мæ лæппуйæн ратт, зæгъгæ.
Фæлæ ууылты тугдзых сырдтæ фæцæйцыдыс-
ты æмæ йæ сæ къæхты бын ныссæстой. 10Ды
едомæгты ныддæрæн кодтай æмæ дæ сæр
бæрзæндты хæссыс. Сæрбæрзондæй цу уæдæ,
æрмæст æнцад дæ хæдзары бад! Хылкъахæн
фыдбылызмæ сайы, æмæ дæхиуыл куынæ
фæхæцай, уæд бæллæхы бахаудзынæ дæхæ-
дæг дæр æмæ демæ — Иудейы бæстæ дæр».
11Амациа йын йæ ныхас ницæмæ æрдардта.
Æмæ уæд Израилы паддзах Йоаш æд æфсад
рараст, æмæ Амациайы æфсадимæ хæр-
хæмбæлд фесты Бет-Шемешы сахары цур,
Иудейы зæххыл. 12Израилæгтæ иудейæгты
ныддæрæн кодтой, æмæ ма сæ чи аирвæзт,
уыдон сæ цатыртæм фæлыгъдысты.
13Бет-Шемешы сахары цур Израилы пад-
дзах Йоаш уацары райста Иудейы паддзах
Амациайы, Иоасы фырты, Ахазиайы фырты
фырты, бабырста Йерусалиммæ æмæ йын
фехæлдта йæ быру — Ефремы кулдуарæй
Фисыны кулдуары онг, цыппарсæдæ æлмæ-
рины дæргъæн. 14Дунедарæджы Кувæндоны
æмæ паддзахы галуаны хæзнадæтты сыгъ-
зæринæй, æвзистæй æмæ алы мигæнæнæй
цыдæриддæр ссардта, уыдон иууылдæр
рассывта, иу къорд лæджы амынæты дæр
райста æмæ афтæмæй аздæхти Самаримæ.
15Йоашы иннæ хъуыддæгтæ, йе сгуыхтытæ
æмæ йæ хæстон хабæрттæ, иудейаг паддзах
Амациаимæ куыд хæцыди, уыдæттæ фыст
æрцыдысты «Израилаг паддзæхты азфыс-
тыты чиныджы». 16Йоаш куы амарди, уæд
ын йæ мард бавæрдтой Израилы паддзæхты
зæппадзы, Самарийы. Йæ фæстæ паддзах
сси йæ фырт Йеровоам.
17Йоахазы фырт Йоашы, Израилы паддза-
хы амæлæты фæстæ ма иудейаг паддзах,
Иоасы фырт Амациа, фæцарди фынддæс азы.
18Амациайы иннæ хъуыддæгтæ фыст æр-
цыдысты «Иудейаг паддзæхты азфыстыты
чиныджы».
19Йерусалимы Амациайы ныхмæ скодтой
сусæгвæнд. Уый Лахишмæ алыгъд, фæлæ
йын йæ фæдыл марджытæ арвыстой, æмæ
йæ уыдон уым амардтой. 20Уæд ын йæ мард
бæхуæрдоны фæстæмæ Йерусалиммæ æр-
баластой æмæ йæ уым, Давиды сахары, йæ
фыдæлты зæппадзы бавæрдтой. 21Йæ бæс-
ты йын иудейаг адæм спаддзах кодтой йе
'хсæрдæсаздзыд фырт Азариайы. 22Йæ фыды
амæлæты фæстæ Азариа фæстæмæ байста
Елаты сахар æмæ йæ ногæй рацарæзта.
23Йоашы фырт Йеровоам Израилы пад-
дзах сси иудейаг паддзах Амациайы, Иоасы

фырты, паддзахиуӕджы фынддӕсӕм аз.
Самарийы сахары паддзахиуӕг фӕкодта
иу ӕмӕ дыууиссӕдз азы. 24Йеровоам, Ду-
недарӕгӕн ӕнӕуынон цы у, уыдӕттӕ кодта,
Наваты фырт Йоровамӕй фӕсте нӕ зади,
уый хуызӕн Израилы адӕмы тӕригъӕдты
амӕттаг кодта.
25Йеровоам ногӕй ӕрфидар кодта, Ливаны
дӕлвӕзмӕ цӕгатӕрдыгӕй, Хаматы сахарӕй,
куы бахизай, суанг уырдыгӕй райдай ӕмӕ
Мард денджызы онг Израилӕн раздӕр цы
арӕнтӕ уыди, уыдон. Афтӕ сӕххӕст ис,
Дунедарӕг Йӕ цагъары, гат-хефераг пе-
хуымпар Амиттайы фырт Ионӕйы уылты
цы загъта, уый. 26Уымӕн ӕмӕ Дунедарӕг
Израилы адӕмӕн федта сӕ тыхст уавӕр,
сӕрысӕфтмӕ кӕй цӕуынц ӕмӕ сыл иу фӕ-
хӕцӕг кӕй нал ис, уый. 27Ӕмӕ Дунедарӕджы
нӕ бафӕндыд Израилы ном арвы бынӕй
бынтондӕр сыскъуынын, ӕмӕ сӕ фервӕ-
зын кодта Йоашы фырт Йеровоамы фӕрцы.
28Йеровоамӕн йӕ иннӕ хъуыддӕгтӕ,
йе сгуыхтытӕ ӕмӕ йӕ хӕстон хабӕрттӕ,
уыимӕ, кӕддӕр Иудеймӕ чи хауди, уыцы
Дамаск ӕмӕ Хаматы сахартӕ фӕстӕмӕ
Израилӕн куыд байста, уыдӕттӕ фыст ӕр-
цыдысты «Израилаг паддзӕхты азфыстыты
чиныджы». 29Йеровоам куы амарди, уӕд ын
йӕ мард бавӕрдтой Израилы паддзӕхты
зӕппадзы. Йӕ фӕстӕ паддзах сси йӕ фырт
Захариа.

**15** Амациайы фырт Азариа Иудейы пад-
дзах сси Израилы паддзах Йеровоамы пад-
дзахиуӕджы дыууын ӕвдӕм аз. 2Паддзах
сси ӕхсӕрдӕсаздзыдӕй ӕмӕ Йерусалимы
сахары паддзахиуӕг фӕкодта дыууадӕс
ӕмӕ дыууиссӕдз азы. Йӕ мад уыд йеруса-
лимаг чызг, йӕ ном — Йехоли. 3Азариа дӕр,
йӕ фыд Амациайы хуызӕн, Дунедарӕгӕн
ӕхцон цы у, уыдӕттӕ кодта. 4Ӕрмӕст кувӕн
къуыбыртӕ нӕ аивта, ӕмӕ адӕм йӕ зама-
ны дӕр кодтой кусӕрттӕ ӕмӕ сыгътой буд
уыцы къуыппытыл.
5Уый тыххӕй Дунедарӕг Азариайыл хъо-
тырниз бафтыдта, ӕмӕ йӕ амӕлӕты бон-
мӕ дӕр уыцы низӕй не сдзӕбӕх. Царди
хибарӕй, хицӕн хӕдзары. Йӕ фырт Йотам
паддзахы галуаны уыди уагдар, бӕстӕйы
адӕмӕн та — тӕрхонгӕнӕг.
6Азариайы иннӕ хъуыддӕгтӕ иууыл-
дӕр фыст ӕрцыдысты «Иудейаг паддзӕхты
азфыстыты чиныджы». 7Куы амарди, уӕд
ӕй бавӕрдтой йӕ фыдӕлты зӕппадзы, йӕ
фыдӕл Давиды сахары. Йӕ фӕстӕ паддзах
сси йӕ фырт Йотам.
8Иудейаг паддзах Азариайы паддзахи-
уӕджы ӕртын ӕстӕм аз Самарийы сахары
Израилӕн паддзах сси Йеровоамы фырт
Захариа. Йӕ паддзахиуӕг ӕдӕппӕтӕй ахас-
та ӕхсӕз мӕйы, 9ӕмӕ йӕ фыдӕлтау Дуне-
дарӕгӕн ӕнӕуынон цы у, уыдӕттӕ кодта,
Наваты фырт Йоровамӕй фӕсте нӕ зади.
Уый хуызӕн тӕригъӕдты амӕттаг кодта
Израилы адӕмы.
10Иавешы фырт Шаллум сусӕгвӕнд скодта
йӕ ныхмӕ, адӕмы раз ӕй амардта ӕмӕ йӕ
бӕсты паддзах сси.
11Захариайы иннӕ хъуыддӕгтӕ фыст ӕр-
цыдысты «Израилаг паддзӕхты азфыстыты
чиныджы». 12Афтӕ сӕххӕст ис Дунедарӕ-
джы ныхас, кӕддӕр Йегуйӕн кӕй загъта,
уый: «Дӕ фырттӕ цыппӕрӕм фӕлтӕры
онг баддзысты Израилы паддзахы бадӕны».
13Иавешы фырт Шаллум паддзах сси иуде-
йаг паддзах Озиайы паддзахиуӕджы ӕртын
фарӕстӕм аз, ӕмӕ йӕ паддзахиуӕг Сама-
рийы сахары ӕдӕппӕтӕй ахаста иу мӕй.
14Самаримӕ Тирцайы сахарӕй ӕрбацыди
Гадийы фырт Менахем, амардта Иавешы
фырт Шаллумы ӕмӕ йын йӕ бынат бацахста.
15Шаллумы иннӕ хабӕрттӕ, уыимӕ, цы
сусӕгвӕнд скодта, уый дӕр, фыст ӕрцы-
дысты «Израилаг паддзӕхты азфыстыты
чиныджы».
16Тифсахы сахар Менахемӕн йӕ кулду-
ар кӕй нӕ байгом кодта, уый тыххӕй йын
уый бакодта тынг ӕгъатыр ми. Тирцайы
сахарӕй йӕм йе 'фсад ӕрбакодта ӕмӕ йын
ныццагъта йӕ адӕмы, стӕй йӕ алфамбы-
лайы цӕрджыты дӕр. Суанг сывӕрджын
устытыл дӕр нӕ бацауӕрста, сӕ гуыбынтӕ
сын акъӕртт кодта.
17Гадийы фырт Менахем Израилы паддзах
сси иудейаг паддзах Азариайы паддзахиуӕ-
джы ӕртын фарӕстӕм аз, Самарийы сахары.
Йӕ паддзахиуӕг ахаста дӕс азы. 18Менахем,
Дунедарӕгӕн ӕнӕуынон цы у, уыдӕттӕ
кодта, цӕргӕ-цӕрӕнбонты фӕсте нӕ зади
Наваты фырт Йоровамӕй. Уый хуызӕн тӕ-
ригъӕдты амӕттаг кодта Израилы адӕмы.
19Израилы зӕхмӕ ӕрбабырста Ассири-
йы паддзах Пул, ӕмӕ йын Менахем радта
ӕвзисты мин таланты, кӕд мӕ фарс ра-
хӕцид ӕмӕ мӕ паддзахдзинад ӕрфидар
уаид, зӕгъгӕ. 20Уыцы ӕвзист ын Менахем
ӕрӕмбырд кодта Израилы хъӕздгуытӕй, ал-
кӕмӕй дӕр — дӕс ӕмӕ дыууиссӕдз шекелы.

**15:19** Пул – ам цӕуы паддзах Тиглат-Пилесеры кой.

Æмæ уæд Ассирийы паддзах фæстæмæ аз-
дæхти йæ бæстæмæ.
21Менахемы иннæ хъуыддæгтæ ивуылдæр
фыст æрцыдысты «Израилаг паддзæхты
азфыстыты чиныджы». 22Куы амарди, уæд
æй бавæрдтой йæ фыдæлты зæппадзы. Йæ
фæстæ паддзах сси йæ фырт Пекахиа.
23Иудейы паддзах Азариайы паддзахиуæ-
джы фæндзайæм аз Самарийы сахары Изра-
илæн паддзах сси Менахемы фырт Пекахиа.
Йæ паддзахиуæг ахаста дыууæ азы, 24æмæ,
Дунедарæгæн æнæуынон цы у, уыдæттæ код-
та, фæсте нæ зади Наваты фырт Йоровамæй,
Израилы адæмы тæригъæдты чи бафтыдта,
уымæй. 25Йæ фæсдзæуин, Ремалийы фырт
Феках, йæ ныхмæ сусæгвæнд скодта æмæ
йæ Самарийы сахары, паддзахы галуаны,
амардта. Йемæ уыдысты Аргов æмæ Арйе,
стæй дæс æмæ дыууиссæдз галаададжы.
Феках амардта Пекахиайы æмæ йæ бæсты
паддзах сси.
26Пекахиайы иннæ хъуыддæгтæ ивуылдæр
фыст æрцыдысты «Израилаг паддзæхты
азфыстыты чиныджы». 27Иудейы паддзах
Азариайы паддзахиуæджы фæндзай дыккæ-
гæм аз Самарийы сахары Израилæн паддзах
сси Ремалийы фырт Феках. Йæ паддзахиуæг
ахаста ссæдз азы. 28Дунедарæгæн æнæуы-
нон цы у, уыдæттыл бафтыд, Наваты фырт
Йоровамæй фæсте нæ зади. Уый хуызæн
Израилы адæмы тæригъæдты амæттаг кодта.
29Израилы паддзах Фекахы заман Израил-
мæ æрбабырста Тиглат-Пилесер, Ассирийы
паддзах. Бацахста сахартæ Ийон, Авел-Бет-
Мааха, Йаноах, Кедеш æмæ Хацор; Галаад
æмæ Галилейы зæххытæ, стæй Неффалимы
хæдзарвæндаджы зæхх ивуылдæр. Сæ цæр-
джытæ хаст æрцыдысты Ассиримæ.
30Елайы фырт Осиа сусæгвæнд скодта
Ремалийы фырт Фекахы ныхмæ æмæ йæ
амардта. Иудейаг паддзах Йотамы, Озиайы
фырты, паддзахиуæджы ссæдзæм аз йæ
бæсты сси Израилы паддзах.
31Фекахы иннæ хъуыддæгтæ ивуылдæр
фыст æрцыдысты «Израилаг паддзæхты
азфыстыты чиныджы».
32Израилы паддзах Фекахы, Ремалийы
фырты, паддзахиуæджы дыккæгæм аз Иу-
дейæн паддзах сси Озиайы фырт Йотам.
33Паддзах куы сси, уæд ыл цыди фондз æмæ
ссæдз азы, æмæ Йерусалимы паддзахиуæг
фæкодта æхсæрдæс азы. Йæ мад Йеруша
уыди Цадокы чызг.
34Йотам, йæ фыд Озиайы хуызæн, Ду-
недарæгæн æхцон цы у, уыдæттæ кодта.
35Æрмæст кувæн къуыбыртæ нæ аивта, æмæ
адæм йæ заманы дæр кодтой кусæрттæ æмæ
сыгъдтой буд уыцы къуыппытыл.
Дунедарæджы Кувæндоны цæгатварс
Йотам ног кулдуар саразта. 36Йæ иннæ
хъуыддæгтæ ивуылдæр фыст æрцыдысты
«Иудейаг паддзæхты азфыстыты чиныджы».
37Йæ заманы Дунедарæг Иудейы ныхмæ са-
мидин кодта Сирийы паддзах Рецины æмæ
Ремалийы фырт Фекахы.
38Йотам куы амарди, уæд æй бавæрдтой
йæ фыдæлты зæппадзы, йæ фыдæл Давиды
сахары. Йæ фæстæ паддзах сси йæ фырт
Ахаз.

**16** Йотамы фырт Ахаз Иудейы паддзах
сси Ремалийы фырт Фекахы паддзахиуæ-
джы æвддæсæм аз. 2Ахаз паддзах куы сси,
уæд ыл цыди ссæдз азы, æмæ Йерусалимы
паддзахиуæг фæкодта æхсæрдæс азы. Фæ-
лæ, хъыгагæн, йæ фыдæл Давиды хуызæн,
Дунедарæгæн, йæ Хуыцауæн, æхцон цы у,
уыдæттæ нæ кодта. 3Израилы паддзæхты
фæндагыл цыди, суанг ма йæ фырты дæр
арты нывондæн æрхаста, кæддæр Дуне-
дарæг Израилы адæмы цурæй цы адæмты
фæсырдта, уыдоны æлгъаг митæ фæзмгæйæ.
4Кувæн къуыбыртæ æмæ бæрзæндтыл, стæй
алы къабузджын бæласы бын æргæвста ку-
сæрттæгтæ æмæ сыгъта буд.
5Ахазы паддзахиуæджы заман Сирийы
паддзах Рецин æмæ Израилы паддзах Феках,
Ремалийы фырт, æрхъула кодтой Йеруса-
лимыл, фæлæ сахар басæттын сæ бон нæ
баци. 6Уыцы заман Рецин фæстæмæ Сири-
йы бархъомыс æрæвæрдта Елаты сахарыл.
Уырдыгæй фæсырдта иудейæгты æмæ дзы
фæстæмæ æрцæрыны фадат радта сириæг-
тæн. Ныронг дæр уым цæрынц.
7Уыцы заман Ахаз Ассирийы паддзах Тиг-
лат-Пилесермæ арвыста минæвæрттæ ахæм
курдиатимæ: «Æз — дæ цагъар æмæ дæ фырт.
Сири æмæ Израилы паддзæхтæ мæм æрба-
бырстой, æмæ дæ курын, æрбацу æмæ мæ
фервæзын кæн сæ къухæй».
8Дунедарæджы Кувæндоны æмæ паддзахы
хæзнадæтты æвзист æмæ сыгъзæринæй цы-
дæриддæр уыдис, уыдон дæр Ахаз лæварæн
арвыста Ассирийы паддзахæн. 9Ассирийы
паддзах сразы ис йæ курдиатыл. Дамаскмæ
бабырста æмæ йын йæ цæрджыты Киры са-
хармæ акодта, Рецины та амардта.
10Ахаз ацыди Дамаскмæ — Ассирийы пад-
дзах Тиглат-Пилесеримæ сæмбæлынмæ.
Æмæ уым нывондхæссæн куы федта, уæд

ын сауджын Уриамæ арвыста йæ хуызæг
æмæ йæ хахныв. 11Уыцы хуызæгмæ гæсгæ,
Ахаз Дамаскæй нæма æрыздæхт, афтæ, Уриа
скодта нывондхæссæн.
12Ахаз æрыздæхти Дамаскæй æмæ ног
нывондхæссæн куы федта, уæд йæ сæрмæ
схызти 13æмæ йыл басыгъта иууылсудзинаг
нывонд æмæ хойраджы хуын, стæй йыл сæн
æркалдта. Уый фæстæ нывондхæссæныл
бапырх кодта фидыды нывонды тугæй. 14Ду-
недарæджы Кувæндоны раз уымæй размæ
цы æрхуы нывондхæссæн уыд, уый ныр
Кувæндонæй ног нывондхæссæны 'хсæн
фæци, æмæ йæ Ахаз йæ бынатæй феггуыр-
сын кодта æмæ йæ ног нывондхæссæнæн
йæ цæгатварс æрæвæрдта.
15Паддзах Ахаз сауджын Уриайæн бафæ-
дзæхста: «Нырæй фæстæмæ стыр нывонд-
хæссæныл судз райсомы иууылсудзинæгтæ
æмæ изæры хойраджы хуынтæ. Мæн æмæ
дзыллæйы номæй дæр судз иууылсудзи-
нæгтæ æмæ хойраджы хуынтæ, нывонд-
хæссæныл-иу æркал сæн, бапырх-иу ыл кæн
кусæртты тугæй. Æрхуы нывондхæссæн цы
бауыдзæн, уый та фæстæдæр сбæлвырд кæн-
дзынæн». 16Сауджын Уриа бакодта, паддзах
Ахаз ын куыддæриддæр бафæдзæхста, афтæ.
17Уый фæстæ паддзах дæс суанцъыйæн ай-
сын кодта сæ агтæ æмæ суанцъытæн афа-
дын кодта сæ тæлытæ, æрхуы денджыз дæр
айсын кодта æрхуыйæ конд галты сæрæй
æмæ йæ æрæвæрын кодта дурын астæрдыл.
18Ноджы ма фехалын кодта, Кувæндоны
кæрты сабаты æгъдау æххæст кæнынæн цы
агъуыст сарæзтой, уый, стæй, паддзахæн
кæрты æдде Дунедарæджы Кувæндонмæ
цы бацæуæн уыд, уый дæр (æппæт уыдæт-
тæ арæзт æрцыдысты ассириаг паддзахы
сæраппонд).
19Ахазы иннæ хабæрттæ фыст æрцыдысты
«Иудейаг паддзæхты азфыстыты чиныджы».
20Куы амарди, уæд æй бавæрдтой йæ фыдæл-
ты зæппадзы, йæ фыдæл Давиды сахары. Йæ
фæстæ паддзах сси йæ фырт Езекиа.

**17** Иудейаг паддзах Ахазы паддзахиуæджы
дыууадæсæм аз Самарийы сахары Израилæн
паддзах сси Елайы фырт Осиа. Йæ паддзахи-
уæг ахаста фараст азы. 2Йæ размæ чи уыди,
Израилы уыцы паддзæхтау, Дунедарæджы
зæрдæмæ цы нæ цæуы, уыдæттæ кодта, фæ-
лæ бынтон уыдоны хуызæн нæ.
3Ассирийы паддзах Салманесер æд æф-
сад Израилмæ куы æрбабырста, уæд Осиа
йæ дæлбар ныллæууыд, йæ хъалондар сси.
4Иуахæмы Салманесер бафиппайдта, Из-
раилы паддзах йæ ныхмæ архайы, уый. Зæ-
гъæм, Осиа йæ минæвæртты æрвитын рай-
дыдта Мысыры паддзах Со, зæгъгæ, уымæ,
Ассирийы паддзахæн та æрвылазы хъалон
нал фыста. Уæд æй Салманесер æрцахсын
кодта æмæ йæ ахæстоны бакодта. 5Уæд Ас-
сирийы паддзах бабырста æгас Израилы
зæхмæ, æрхъула кодта Самарийы сахарыл
æмæ йæ æртæ азы фæстæ, 6Осиайы паддза-
хиуæджы фарæстæм аз, бацахста. Израи-
лы адæмы атардта Ассиримæ æмæ сæ уым
æрцæрын кодта Халахы зæххыл, Гозаны
зæххыл Хаворы доны былгæрætты, стæй
Мидийы сахарты.
7-8Израилæгтæ сæ Хуыцауы, Дунедарæ-
джы, раз тæригъæды цæуын байдыдтой.
Кæддæр сæ Уый ракодта Мысыры зæххæй,
суæгъд сæ кодта фараоны æфсондзы бынæй.
Фæлæ адон фæзмын райдыдтой, кæддæр
сын Дунедарæг сæ цурæй цы адæмты фæ-
сырдта, уыдоны æгъдæуттæ, стæй Израилы
паддзæхты æнаккаг митæ. 9Дунедарæгæн,
сæ Хуыцауæн, æхсызгон цы нæ уыд, уыдæт-
тæ кодтой, се 'ппæт сахарты, хъахъхъæнæн
мæсгуытæй фидаргонд сахарты онг, кувæн
къуыбыртæ арæзтой сæхицæн. 10Алы бæр-
зонд къуыбыр æмæ алы къабузджын бæласы
бын табуйаг дуртæ æмæ Ашерæйы номыл
дурцæджындзтæ æвæрдтой. 11Буд сыгътой
æппæт кувæн къуыбыртыл, Дунедарæг сын
сæ цурæй кæй фæсырдта, уыцы адæмты
фæзмгæйæ. Дунедарæгæн масты хос чи уыд,
ахæм æнаккаг митæ кодтой. 12Табу кодтой,
Дунедарæг сын тобæ кæй тыххæй загъта,
уыцы гуымирытæн.
13Уæд Дунедарæг израилæгтæн дæр æмæ
иудейæгтæн дæр фæдзæхсын райдыдта Йæ
алы пехуымпар æмæ йæ алы зонынджыны
уылты: «Ныууадзут уе 'наккаг хъуыддæгтæ
æмæ Мын æххæст кæнут Мæ фæдзæхстытæ,
Мæ уагæвæрдтæ æмæ Ме 'гъдæуттæ, кæд-
дæр уæ фыдæлтæн, ныр та сымахæн дæр
Мæ пехуымпарты фæрцы кæй бафæдзæхс-
тон, уыдон». 14Фæлæ адон сæ фыдæлтау
систы хиваст. Нæ хъуыстой Дунедарæгмæ,
сæ Хуыцаумæ, сæ зæрдæ Йыл нæ дардтой.
15Суæлæхох Ын сты Йæ уагæвæрдтыл, кæд-
дæр сын сæ фыдæлтимæ цы фидыд сарæзта,
ууыл, Йæ уынаффæтыл. Табу кæнын бай-
дыдтой ницæйаг гуымирытæн. Сæ ницæйаг
хъуыддæгтæй фæзмыдтой, Дунедарæг сын
кæй тыххæй фæдзæхста, ма сæ бафæзмут,
зæгъгæ, уыдоны — сæ алыварс цæрæг адæм-
ты. 16Сæхи атигъ кодтой Дунедарæджы, сæ

Хуыцауы, фæдзæхстытыл æмæ сæхицæн
скодтой джиппыуагæд дыууæ уæныджы,
стæй Ашерæйы цæджындз. Кувын райдыд-
той арвы стъалытæм æмæ табу кодтой Ба-
алæн. 17Арты нывондæн хастой сæ фыртты
æмæ сæ чызджыты, дæсны фарстой æмæ
кæлæнтæ кодтой. Дунедарæджы зæрдæмæ
цы нæ цæуы, уыдæттыл бафтыдысты, æмæ
Йæ мæсты кодтой.

18Дунедарæгæн Йæ маст ссыгъд Израилы
адæммæ æмæ сыл хъоды бакодта. Сæ зæххыл
ма цæргæйæ ныууагъта æрмæст Иудæйы хæ-
дзарвæндаджы. 19Фæлæ иудейæгтæ дæр не
'ххæст кодтой Дунедарæджы, сæ Хуыцауы,
фæдзæхстытæ. Сæ хъуыддæгтæй фæзмыд-
той израилæгты. 20Æмæ Дунедарæг Йæхи
атигъ кодта Израилы æппæт байзæддагыл
дæр. Æрæлхъывта сæ, æцæгæлон адæм-
тæн-иу сæ бастигъын кодта. Æппынфæстаг
сæ фæсырдта Йæ цурæй. 21Израилæгтæ Да-
виды хæдзарвæндагимæ байуæрстой æмæ
сæхицæн паддзахæй равзæрстой Наваты
фырт Йоровамы. Уый сын се 'ргом аздæхта
Дунедарæгæй æмæ сæ баппæрста стыр тæ-
ригъæды. 22Æмæ израилæгтæ фæзмыдтой
Йоровамы тæригъæдджын митæ, фæсте дзы
нæ задысты. 23Æппæт уыдæтты тыххæй сæ
Дунедарæг фæсырдта Йæ цурæй, Йæ лæггад-
гæнæг пехуымпарты уылты рагацау куыд
дзырдта, афтæ. Израилы адæм сæ зæххæй
хаст æрцыдысты Ассиримæ, æмæ ныронг
дæр ма уым сты.

24Ассирийы паддзах израилæгты бæсты
Самаримæ æрбакодта æндæр адæмты йæ
бæстæйы сахартæй: Вавилонæй, Кутайæ,
Аввайæ, Хаматæй æмæ Сефарваимæй. Уы-
дон бацахстой Самарийы зæхх æмæ йын йæ
сахарты æрцардысты. 25Фæлæ уым се 'рцæ-
рыны райдиан Дунедарæгæй нæ тарстысты,
æмæ сыл Уый домбæйтты сардыдта, æмæ
сæ уыдон мардтой. 26Уый тыххæй фæхабар
кодтой Ассирийы паддзахмæ. Загътой йын:
«Самарийы сахарты цы адæмты æрцæрын
кодтай, уыдон, уыцы зæххы Хуыцауæн кад
кæнын куыд хъæуы, уый нæ зонынц, æмæ
сыл Уый домбæйтты бафтыдта; уыдон сæ
цæгъдынц, уымæн уыцы бæстæйы Хуыцауы
æгъдау нæ зонынц». 27Паддзах бафæдзæхс-
та: «Уырдыгæй Ассиримæ хаст чи æрцыд,
уыцы сауджынтæй иуы фæстæмæ æрба-
кæнут. Уадз æмæ уым цæра æмæ сæ, уыцы
бæстæйы Хуыцауæн кад кæнын куыд хъæуы,
ууыл сахуыр кæна». 28Самарийæ уацары
кæй акодтой, уыцы сауджынтæй иу фæс-
тæмæ æрбаздæхт æмæ Вефилы æрцарди.
Адæмæн амыдта, Дунедарæгæн кад кæнын
куыд хъæуы, уыдæттæ. 29Фæлæ ма уыимæ
адæмтæ сæхи хуыцаугæндты дæр сарæзтой
æмæ сæ, кæм æрцардысты, уыцы сахарты
сæвæрдтой — самариæгтæ къуыбыртыл кæй
сарæзтой, уыцы куывддонты. 30Вавилой-
нæгтæ сарæзтой Суккот-Беноты, Куты цæр-
джытæ — Нергалы, хаматæгтæ — Ашимайы,
31аввайæгтæ — Нивхаз æмæ Тартакы. Сефар-
ваимæгтæ сæ мæнгхуыцæуттæ Адрамелех
æмæ Анамелехæн арты нывондæн хастой
сæ фыртты. 32Уыцы иу рæстæг кад кодтой
Дунедарæгæн дæр. Сæхи æхсæнæй равзæрс-
той сауджынты, æмæ сын уыдон кувæн
къуыбыртыл — сæ куывддонты — лæггад
кодтой. 33Дунедарæгæн дæр куывтой æмæ
сæхи хуыцæуттæн дæр лæггад кодтой — сæ
фыдызæххыл цы 'гъдау уыдис, уымæ гæсгæ.

34Ныронг дæр Самарийы цæрджытæ æх-
хæст кæнынц сæ рагон æгъдæуттæ. Дуне-
дарæгæй нæ тæрсынц. Нæ Йын æххæст кæ-
нынц Йæ уагæвæрдтæ æмæ Йæ амындтытæ,
Йе 'гъдæуттæ æмæ Йæ фæдзæхстытæ, Уый
кæддæр Израил ном кæуыл сæвæрдта, уыцы
Йаковæн кæй бафæдзæхста, уыдон. 35Уыцы
заман Дунедарæг Йаковы байзæддагимæ
сарæзта фидыд æмæ сын загъта: «Æндæр
хуыцæуттæн ма табу кæнут, ма сын лæггад
кæнут æмæ сын ма хæссут нывæндтæ. 36Кад
кæнут Мæнæн, сымах Йе стыр хъомысы фæр-
цы æмæ Йæ хъомысджын къухæй Мысыры
зæххæй Чи ракодта, уыцы Дунедарæгæн, —
Уымæн кувут æмæ Йын хæссут нывæндтæ.
37-38Цы уагæвæрдтæ æмæ амындтытæ, цы
'гъдæуттæ æмæ уын цы фæдзæхстытæ рад-
тон, уыдон æххæст кæныныл уæхи хъарут
цæрæнбонты. Уемæ цы фидыд сарæзтон,
уый ма рох кæнут. Ма табу кæнут æндæр
хуыцæуттæн. 39Кад кæнут æрмæстдæр Ду-
недарæгæн, уæ Хуыцауæн, æмæ уæ Уый алы
фыдгулы къухæй дæр фервæзын кæндзæн».

40Фæлæ Йæм уыдон нæ байхъуыстой, дард-
дæр дæр хæццæ кодтой сæ рагон æгъдæут-
тæ. 41Дунедарæгæн кад кодтой, фæлæ сæхи
гуымирытæн дæр кодтой лæггад. Суанг сæ
байзæддæгтæ æмæ уыдоны байзæддæгтæ
дæр ныронг дæр фæзмынц сæ фыдæлты.

**18** Израилы паддзах Осиайы, Елайы фырты,
паддзахиуæджы æртыккаг аз Иудейæн пад-
дзах сси иудейаг паддзах Ахазы фырт Езекиа.
2Паддзах куы сси, уæд ыл цыди фондз æмæ
ссæдз азы æмæ Йерусалимы паддзахиуæг
фæкодта фараст æмæ ссæдз азы. Йæ мад уы-
ди Захариайы чызг Ави. 3Езекиа, йæ фыдæл

Давиды хуызæн, Дунедарæгæн æхцон цы у,
уыдæттæ кодта. 4Аивта кувæн къуыбыртæ,
ныппырх кодта табуйаг дуртæ æмæ акалдта
Ашерæйы цæджындзтæ, стайын кодта, кæд-
дæр Моисей кæй скодта, уыцы æрхуы калм,
уымæн æмæ йын уæды онг израилæгтæ буд
сыгътой. Ном дæр ма йыл сæвæрдтой, Нехуш-
тан, зæгъгæ. 5Иудейаг паддзæхтæй Езекиайы
размæ дæр æмæ йæ фæстæ дæр уый хуызæн
йæ зæрдæ никуы ничи дардта Дунедарæгыл,
Израилы Хуыцауыл. 6Тынг Æй уарзта æмæ
Йыл йæхи нæ тигъ кодта. Æххæст Ын кодта
Йæ фæдзæхстытæ, кæддæр Моисейæн кæй
бафæдзæхста, уыдон. 7Æмæ Дунедарæг дæр
аудыдта Езекиайыл, æмæ уый йæ алы хъу-
ыддаджы дæр уыд æнтыстджын. Ассирийы
паддзахæн нал уисæн кодта, нал ын кодта
лæггад. 8Филистимæгты дæр ныддæрæн
кодта, фæсырдта сæ Газæйы онг. Гæныстон
сын фестын кодта сæ бæстæ, хъахъхъæнæн
мæсгуытæй райдай æмæ фидар сахарты онг.

9Езекиайы паддзахиуæджы цыппæрæм
аз кæнæ израилаг паддзах Осиайы, Елайы
фырты, паддзахиуæджы æвдæм аз Ассирийы
паддзах Салманесер æрбабырста Самаримæ,
сахарыл æрхъула кодта 10æмæ йæ бацахста
æртæ азы фæстæ, ома Езекиайы паддзахи-
уæджы æхсæзæм аз кæнæ Израилы пад-
дзах Осиайы хицауиуæджы фарæстæм аз.
11Израилы адæмы атардта Ассиримæ æмæ
сæ уым æрцæрын кодта Халахы зæххыл,
Гозаны зæххыл Хаворы доны былгæрæтты,
стæй Мидийы сахарты. 12Ацы бæллæхтæ
сыл уый тыххæй æрцыдысты, æмæ нæ хъу-
ыстой Дунедарæгмæ, сæ Хуыцаумæ. Семæ
цы фидыд сарæзта, уый фехæлдтой. Дуне-
дарæджы цагъар Моисей сын кæддæр цы
ныффæдзæхста, уыдон не 'ххæст кодтой.

13Езекиайы паддзахиуæджы цыппæрдæ-
сæм аз Ассирийы паддзах Санхериб æрба-
бырста Иудейы фидар сахартæм æмæ сæ
бацахста. 14Иудейаг паддзах Езекиа Ассири-
йы паддзахмæ, Лахишы сахармæ, арвыста
минæвæрттæ ахæм уацимæ: «Азымджын
дæн дæ разы. Мемæ мауал хæц æмæ, цы
зæгъай, уый дын бафиддзынæн». Æмæ Ас-
сирийы паддзах Езекиайæ бацагуырдта
æвзисты æртæсæдæ таланты æмæ сыгъ-
зæрины дæс æмæ ссæдз таланты. 15Езекиа
йын бафыста, Дунедарæджы Кувæндоны
æмæ паддзахы галуаны хæзнадæтты æвзис-
тæй цыдæриддæр уыди, уый. 16Кувæндоны
кулдуар æд цæджындзтæ цы сыгъзæринæй
астæрд уыдысты, уый дæр Езекиа рафтауын
кодта æмæ йæ радта Ассирийы паддзахæн.
17Уæддæр Ассирийы паддзах Лахишæй
Езекиамæ стыр æфсадимæ арвыста йæ бар-
джынты: йе 'фсады хицауы, йæ галуаны
уагдары æмæ йæ хистæр дзагдары. Уыдон
Йерусалиммæ куы бахæццæ сты, уæд æр-
лæууыдысты, Чъырæйцæгъдæджы быдырмæ
фæндагыл уæллаг цадæй донвæд кæм ра-
цæуы, уыцы ран. 18Паддзахмæ фæдзурын
кодтой, фæлæ сæм йæ бæсты рацыдысты йæ
галуаны уагдар Елиаким, Хилкиайы фырт,
нымæрдар Шевна æмæ фидиуæг Йоах, Аса-
фы фырт.

19Ассирийы паддзахы галуаны уагдар сын
загъта: «Уæ паддзах Езекиайæн фехъусын
кæнут Ассирийы стыр паддзахы ныхæстæ:
„Ахæм ныфс дæм кæцæй ис? 20Афтæ дæм кæ-
сы, æмæ мæ тохвæлтæрд æмæ хъомысджын
æфсады ныхмæ дæ афтид ныхæсты фæрцы
исты сарæхсдзынæ? Кæмæй дæ ис ахæм
ныфс, æмæ мæ ныхмæ фæуай? 21Дæ зæрдæ
Мысырыл дарыс, хъæзы цъæл зæнгыл, йæ
къухæй йыл чи æрæнцой кæна, уымæн йæ
къухы чи сныхсдзæн, ууыл. Ахæм у фараон,
Мысыры паддзах, ныфсджын дзы чидæ-
риддæр у, уыдонæн. 22Намæ мын афтæ куы
зæгъай, нæ Дунедарæг Хуыцауæй ныфсджын
стæм, уæд Уый дæр Чи у? Ды, Езекиа, Кæй
кувæн къуыбыртæ æмæ нывондхæссæн-
тæ аивтай, Уый? Иудей æмæ Йерусалимы
адæмæн цæй тыххæй бафæдзæхстай, æр-
мæстдæр Йерусалимы цы нывондхæссæн ис,
ууыл хæссут нывæндтæ, зæгъгæ?“ 23Гъемæ
уæдæ ме 'лдаримæ, Ассирийы паддзахимæ,
бафидау, æмæ дын уый ратдзæни дыууæ мин
бæхы, кæд сын барджытæ ссардзынæ, уæд.
24Уый зон, æмæ ме 'лдары æфсады хицæут-
тæн сæ лæмæгъдæрыл дæр нæ фæуæлахиз
уыдзынæ, Мысыры бæхæфсад куы æрба-
кæнай, уæд дæр. 25Афтæ æнхъæл дæ, æмæ
Дунедарæджы æвастæй æрбабырстон уæ
зæхмæ, ныддæрæн æй кæнынмæ? Дунеда-
рæг мын загъта, цæугæ уыцы зæхмæ æмæ
йæ ныддæрæн кæн, зæгъгæ».

26Хилкиайы фырт Елиаким, Шевна æмæ
Йоах бахатыдысты Ассирийы паддзахы дзаг-
дармæ: «Мах зонæм арамейæгты 'взаг, æмæ
уыцы 'взагыл дзур Дæ цагъартимæ, дзуттаг
æвзагыл нæ, фæлæ, цæмæй нæм сахары си-
сæй адæм ма хъусой». 27Паддзахы дзагдар
загъта: «Афтæ æнхъæл дæ, æмæ мæ ме 'лдар
æрмæст де 'лдармæ æмæ дæумæ рарвыста?
Уалæ сисыл чи бады, уыцы адæммæ дæр
мæ рарвыста, уымæн æмæ рæхджы иумæ
хæрдзыстут уæ фаджыс æмæ нуаздзыстут
уæ доныхуыпп».

28Стæй паддзахы дзагдар дзуттагау хъæ-
рæй загъта: «Æрбайхъусут Ассирийы цыт-
джын паддзахы ныхасмæ! 29Афтæ зæгъы
паддзах: Езекиа уæ ма фæрæдийын кæнæд!
Сымах фервæзын кæныны хъомыс æм нæй.
30Дунедарæгæй дæр уын зæрдæ ма æвæрæд,
ма дзурæд, фервæзын нæ кæндзæн æмæ ацы
сахар Ассирийы паддзахы къухтæм лæвæрд
не ’рцæудзæн, зæгъгæ. 31Ма хъусут Езекиамæ,
уымæн æмæ Ассирийы паддзах зæгъы, мемæ
бафидаут æмæ уæхи раттут мæ къухмæ, æмæ
уæ алчидæр хæра йæ сæнæфсир æмæ йæ ле-
гъуитæй, нуаза йæ цъайы донæй, 32цалынмæ
уæм æрбацæуон æмæ уæ акæнон уæ зæххы
халдих зæхмæ, дзул æмæ сæн, дыргътæ æмæ
сæндæттæ, оливæ бæлæстæ æмæ мыд кæм
ис, уыцы зæхмæ. Æмæ уæд сæрæгасæй баз-
зайдзыстут, нæ амæлдзыстут. Ма хъусут Езе-
киамæ: Дунедарæг уæ фервæзын кæндзæн,
зæгъгæ уын кæй зæгъы, уымæй уæ сайгæ
кæны. 33Адæмты хуыцæуттæй кæд кæмæн
бантыст йæ адæмы Ассирийы паддзахы
азарæй бахизын? 34Кæм сты Хамат æмæ Ар-
пады хуыцæуттæ? Цы фесты Сефарваимы,
Хен æмæ Иввæйы хуыцæуттæ? Самарийы
мæ къухæй бахызтой, мыййаг? 35Ацы бæс-
тæты æппæт хуыцæуттæй кæмæн бантыст
йæ бæстæ мæ фыдæхæй фервæзын кæнын?
Уыдонау Дунедарæг дæр куыд хъуамæ бахиза
мæ азарæй Йерусалимы сахар?»
36Адæм æм ииуылдæр хъуыстой æдзæмæй,
иу ныхас дæр не схауди сæ дзыхæй, уымæн
æмæ сын паддзах Езекиа бафæдзæхста, ма-
цы-иу æм сдзурут, зæгъгæ. 37Паддзах Езеки-
амæ бызгъуыртæ дарæсы æрбаздæхтысты
Хилкиайы фырт Елиаким — паддзахы га-
луаны уагдар, Шевна — нымæрдар, Асафы
фырт Йоах — фидиуæг æмæ йын Ассири-
йы паддзахы хистæр дзагдары ныхæстæ
рафæзмыдтой.

**19** Езекиа уыцы ныхæстæ куы фехъуыста,
уæд йæ дарæс фæйнæрдæм арæдывта, йæ
уæлæ сæхъис скодта æмæ Дунедарæджы
Кувæндонмæ ацыди. 2Йæ галуаны уагдар
Елиаким, нымæрдар Шевна æмæ хистæр
сауджынты, сæ уæлæ сæхъистæ, афтæмæй
арвыста пехуымпар Исайамæ, Амоцы фырт-
мæ. 3Уыдон ын загътой: «Езекиа афтæ зæгъы:
абон у фыдбылыз, æфхæрд æмæ худинаджы
бон. Арын афон ралæууыд, фæлæ ныййары-
нæн хъару нæй! 4Чи зоны, æмæ Дунедарæг,
дæ Хуыцау, Ассирийы паддзах нæм цардæгас
Хуыцауы фауынмæ кæй æрбарвыста, уыцы
сæйраг дзагдары ныхæстæ фехъуыса æмæ
йæ Дунедарæг, дæ Хуыцау, уыцы ныхæсты
тыххæй бафхæра. Уæдæ скув, удæгасæй ма
чи баззади, уыдоны тыххæй».
5Паддзах Езекиайы дæлдæртæ Исайамæ
æрбацыдысты. 6Исайа сын загъта: «Уæ хица-
уæн зæгъут: Дунедарæг афтæ зæгъы: Ассири-
йы паддзахы дæлдæртæ Мæ цы ныхæстæй
фаудтой, уыдонæй ма тæрс. 7Æз дзы ахæм
мон бауадздзынæн, æмæ, куыддæр уац
фехъуса, афтæ фæстæмæ аздæхдзæни йæ
бæстæм, æмæ йæ Æз йæхи зæххыл карды
амæттаг бакæндзынæн».
8Ассирийы паддзахы дзагдар аздæхт æмæ
йæм фæндагыл фæхабар чындæуыд, Санхе-
риб Лахишы сахар ныууагъта, зæгъгæ. Йæ
паддзахы байййæфта, Ливнæйы сахарыл куы
æрхъула кодта, уæд. 9Санхерибæн фехъусын
кодтой, Эфиопийы паддзах Тирхака дæ ных-
мæ рацыди, зæгъгæ. Æмæ иудейаг паддзах
Езекиамæ ногæй арвыста йæ минæвæртты:
10«Иудейы паддзах Езекиайæн фехъусын
кæнут: „Дæ зæрдæ Кæуыл дарыс, уыцы Ху-
ыцау дæ ма асайæд, Йерусалим Ассирийы
паддзахы къухтæм нæ бахаудзæн, зæгъгæ
дын кæй зæгъы, уымæй. 11Ды куы зоныс,
Ассирийы паддзæхтæ æппæт бæстæтæн
цытæ бакодтой æмæ сæ куыд бабын кодтой,
уыдæттæ. Ау, уæд ды фервæздзынæ? 12Ау,
иннæ адæмты сæ хуыцæуттæ фервæзын
кодтой? Мæ фыдæлтæ ныццагътой Гозан,
Харан æмæ Рецефы цæрæг адæмты, стæй
Едены цæрджыты, Телассары чи цардис,
уыдоны. 13Кæм сты ныр Хамат æмæ Арпа-
ды паддзæхтæ? Цы фесты Сефарваим, Хена
æмæ Иввайы паддзæхтæ?“»
14Езекиа минæвæртты къухæй фыстæг
райста æмæ йæ бакасти. Уый фæстæ Дуне-
дарæджы Кувæндонмæ бацыд æмæ фыстæг
Дунедарæджы раз райхæлдта. 15Езекиа Ду-
недарæгмæ скуывта: «О Дунедарæг, Израилы
Хуыцау, херувимтыл Æнцайæг! Ды — дунейы
æппæт паддзахæдты иунæг Хуыцау! Ды
сфæлдыстай арв æмæ зæхх. 16О Дунедарæг,
Дæ хъус нæм æрдар æмæ нæ фехъус! Бай-
гом кæн Дæ цæстытæ, æркæс нæм! Цардæ-
гас Хуыцауы фауынмæ йæ минæвæртты
чи æрбарвыста, уыцы Санхерибы ныхæстæ
фехъус. 17Æцæгдæр, Дунедарæг, Ассирийы
паддзæхтæ ныггæныстон кодтой æппæт
адæмты æмæ бæстæтæ, 18басыгътой сын
сæ хуыцæутты. Фæлæ уыдон уыдысты хуы-
цæуттæ нæ, фæлæ адæймаджы къухæй конд
хъæдтæ æмæ дуртæ, æмæ сæ уымæн бабын
кодтой. 19О Дунедарæг, нæ Хуыцау, фервæ-
зын нæ кæн знагæй! Уадз æмæ æппæт зæххон

паддзахæдтæ дæр базоной, Ды, Дунедарæг,
иунæг Хуыцау кæй дæ, уый».
20Амоцы фырт Исайа арвыста Езекиамæ,
цæмæй йын фехъусын кæной:
«Афтæ зæгъы Дунедарæг, Израилы Хуыцау:
ды мæм æххуысагур скуывтай, Ассирийы
паддзах Санхерибæй хъастгæнгæйæ, æмæ
дæ Æз фехъуыстон».
21Мæнæ цы зæгъы Дунедарæг уый тыххæй:
«Æлгъ дыл кæны, худы дыл Сионы чызг. Йæ
сæр банкъусы Йерусалимы чызг, дæ фæдыл
кæсгæйæ. 22Кæй фауыс ды, фидистæ кæмæн
кæныс? Кæуыл хъæр кæныс, кæмæ кæсыс
сæрбæрзондæй? Израилы Уаз Хуыцаумæ!
23Дæ минæвæртты дзыхæй Дунедарæджы
фауыс. Ды зæгъыс: „Æфсæнуæрдæттæ мæм
бирæ ис, æз уыдонимæ схызтæн хæхты бæр-
зæндтæм, Ливаны рæгътæм. Ныццагътон ын
йæ бæрзонд кедртæ, йæ хуыздæр кипаристæ.
Йæ бæрзонддæр хохмæ йын схызтæн, йæ
хуыздæр хъæдтæм ын бацыдтæн. 24Æцæ-
гæлон бæстæты-иу æз скъахтон цъайтæ, сæ
донæй-иу сын баныztон. Мысыры дæттæ
байсыстысты мæ къæхты бын“.
25Ау, дæ хъустыл никуы æрцыд, Æз уыдæт-
тæ раджы кæй снысан кодтон, уый? Рагза-
маны цы сфæнд кодтон, уый ныр сæххæст
кодтон: фидаргонд сахартæ дурты кæритæ
фестадысты. 26Сæ цæрджытæм хъару нал
ис, стыр тас сыл бахæцыд, фæхудинаг сты.
Уыдон систы быдыры кæрдæгау, уыгæрдæны
цъæх талатау, уæлхæдзарыл цы пыхс фæ-
зыны, уыйау, — куыддæр схæцынц, афтæ
бахус вæййынц.
27Æз дын зонын дæ алы къахдзæф дæр —
де 'рбадт, дæ рацыд æмæ де 'рбацыд, зонын
æй, Мæ ныхмæ кæй сыстадтæ, уый. 28Мæ
ныхмæ кæй рацыдтæ, стæй Мæм де 'хæны-
мæц æфсæдты уынæр кæй сыхъуыст, уый
тыххæй дын Æз дæ фындзыл бакæндзынæн
цæг, дæ дзыхы та — уидоны къæбæлтæ æмæ,
кæуылты æрбацыдтæ, ууылты дæ фæстæмæ
аздахдзынæн.
29Дæуæн та, Езекиа, дæттын нысан: ацы аз
хæрут, хауæггаг нæмыгæй цы хор æрзад, уый,
иннæ аз — йæхигъæдæй цы хор æрзайа, уый,
æртыккаг аз та-иу байтаут æмæ бафснайут
уæ хортæ, ныссадзут сæнæфсиртæ æмæ сын
хæрут сæ дыргътæ. 30Иудæйы байзæддæг-
тæй чи фервæза, уыдон арф уидæгтæ ауадз-
дзысты æмæ тыллæг ратдзысты. 31Уыцы
байзæддæгтæ рацæудзысты Йерусалимæй,
Сионы хохæй. Уыцы хъуыддаг æрцæудзæн,
Уæларвæфсады Бардарæг уыл æнувыд кæй
у, уый фæрцы.
32Уымæ гæсгæ дын Дунедарæг Ассирийы
паддзахы тыххæй афтæ зæгъы: уый ацы
сахармæ нæ бацæудзæн, иу фат дæр ыл не
суадздзæн, нæ йæм æрбаввахс уыдзæн уар-
тимæ, йæ ныхмæ хæцынмæ сыджытбыру
нæ самайдзæн. 33Ардæм кæуылты æрбацыд,
ууылты аздæхдзæни фæстæмæ. Нæ йын бан-
тысдзæн ацы сахармæ æрбабырсын, — зæгъы
Дунедарæг. 34— Æз бахъахъхъæндзынæн ацы
сахар, фервæзын æй кæндзынæн Мæхи æмæ
Мæ цагъар Давиды сæраппонд».
35Тæккæ уыцы æхсæв фæзынди Дунеда-
рæджы зæд æмæ ассириæгты рæсæнуаты
ныццагъта сæдæ æстай фондз мин хæстоны.
Сбон ис, æмæ мæнæ алырдыгæй — мæрдтæ.
36Æмæ уæд Ассирийы паддзах Санхериб
фæстæмæ аздæхт æмæ баззади Ниневийы.
37Иуахæмы йæ хуыцау Нисрохы кувæндоны
куы куывта, уæд æй йæ фырттæ Адрамелех
æмæ Сарецер кардæй амардтой æмæ Арара-
ты бæстæм алыгъдысты. Йæ фæстæ паддзах
сси йæ фырт Есар-Хаддон.

**20** Уыцы бонты Езекиа фæци мæлæтдзаг
рынчын. Æрбацыди йæм пехуымпар Исайа,
Амоцы фырт, æмæ йын загъта: «Дунеда-
рæг дын фæдзæхсы, дæ хæдзаронтæн, дам,
ныууадз ныстуан, уымæн æмæ дæ мæлæт-
дзаг низæй нал сдзæбæх уыдзынæ». 2Езекиа
къулы 'рдæм базылдта йе 'ргом æмæ Дуне-
дарæгмæ скуывта: 3«О Дунедарæг! Рох Дæ
ма уæд, иузæрдион Дыл кæй уыдтæн, уый.
Зæрдиагæй Дæм куы хъуыстон, æдзух Дын
Дæ фæндон куы æххæст кодтон». Æмæ Езе-
киа судзаг цæссыг æруагъта.
4-5Исайа ма сахары уыд, афтæ йæм Дуне-
дарæг æргом рацыд æмæ йын бафæдзæхста,
зæгъгæ, Езекиамæ бацу æмæ йын Мæ но-
мæй, Давиды Хуыцауы номæй, зæгъ: «Дæ
куывд дын фехъуыстон, федтон дын дæ
цæстысыг дæр æмæ дæ Æз сдзæбæх кæндзы-
нæн. Абонæй ранымайгæйæ æртыккаг бон
бацæудзынæ Дунедарæджы Кувæндонмæ.
6Дæттын ма дын фынддæс азы цæрæнбон.
Ассирийы паддзахы фыдæхæй фервæзын
кæндзынæн дæу дæр æмæ ацы сахар дæр.
Мæхи æмæ Мæ цагъар Давиды сæраппонд
бахъахъхъæндзынæн Йерусалим».
7Исайа загъта: «Æрбахæссæнт легъуийы
хус цъар, йæ хæфдзастыл ын æй æрæвæрæнт,
æмæ уæд сдзæбæх уыдзæн». 8Фæлæ Езекиа
Исайайы бафарста: «Цæмæй базондзынæн,
сдзæбæх уыдзынæн æмæ æртыккаг бон Ду-
недарæджы Кувæндонмæ бацæуын мæ бон
суыдзæн, уый?»

[9]Исайа йын дзуапп радта: «Мæнæ дын
Дунедарæджы нысан — Дунедарæг Йæ зæр-
дæвæрд кæй сæххæст кæндзæн: зæгъ-ма,
ауун дæс къæпхæны бæрц дæлæмæ æрцæу-
дзæн кæнæ дæс къæпхæны бæрц уæлæмæ?».
[10]Езекиа загъта: «Ауун дæс къæпхæны йас
дæлæмæ æрцæуа, уым диссагæй ницы ис,
фæлæ дæс къæпхæны уæлдæр не ссæудзæн?»
[11]Пехуымпар Исайа Дунедарæгмæ скуыв-
та, æмæ Ахазы конд асиныл дæс къæпхæны
бæрц цы ауун æрцыд, уый сыл Дунедарæг
фæстæмæ ссæуын кодта.
[12]Уыцы заман Баладаны фырт Меродах-Ба-
ладан, Вавилоны паддзах, фехъуыста Езеки-
айы рынчыны хабар, æмæ йын æрбарвыста
фыстæг æмæ лæвæрттæ. [13]Езекиа байхъуыста
минæвæртты арфæйы ныхæстæм æмæ сын
равдыста йæ хæзнадæтты диссæгтæ: æвзист
æмæ сыгъзæринтæ, хæрздæфгæнæнтæ, зы-
наргъ сой, ноджы ма йæ хотыхты æфтауцуат
æмæ йе 'ппæт æвæрæнтæ, йæ хæлц. Цы нæ
сын равдыста, ахæмæй йæм ницыуал базза-
ди йæ галуаны дæр æмæ йæ паддзахады дæр.
[14]Уæд паддзах Езекиамæ æрбацыд пе-
хуымпар Исайа æмæ йæ фæрсы: «Цы
дын дзырдтой уыцы адæм? Кæцæй дæм
æрбацыдысты?»
Езекиа загъта: «Дард бæстæй æрбацыдыс-
ты. Вавилонæй».
[15]Исайа та йæ ноджыдæр фæрсы: «Дæ га-
луаны дын цы федтой?»
Езекиа йын дзуапп радта: «Ницы сæ басу-
сæг кодтон. Мæ галуаны æмæ ме 'вæрæнты
цыдæриддæр уыд, уый сын равдыстон».
[16]Уæд Исайа загъта Езекиайæн: «Байхъус
уæдæ, Дунедарæг цы зæгъы, уымæ! [17]Ралæу-
дзæн ахæм заман, æмæ, дæ галуаны цыдæ-
риддæр ис, дæ фыдæлтæ ныронг цыдæрид-
дæр исбон самал кодтой, уый Вавилонмæ
ласт æрцæудзæн, иу мисхалы бæрц дæр дын
дзы нал ныууадздзысты. [18]Цы фырттæ ма
дын рантыса, уыдоны дæр дын ахæсдзысты
Вавилонмæ æмæ сæ уым паддзахы галуаны
бафтаудзысты лæггад кæныныл».
[19]Езекиа дзуапп радта Исайайæн: «Дунеда-
рæджы ныхас, — ныртæккæ кæй фехъусын
кодтай, уый, — фарны уац».
Йæ ныхасыл ма бафтыдта: «Фæлæ ма уæд-
дæр, цалынмæ æз цæрон, уæдмæ æдас уæд
нæ бæстæ, йæ фарн ма фесæфæд!»
[20]Езекиайæн йæ иннæ хъуыддæгтæ, йе
сгуыхтытæ, цад æмæ донвæд куыд скодта
æмæ сахармæ дон куыд бауагъта, уыдæттæ
фыст æрцыдысты «Иудейаг паддзæхты аз-
фыстыты чиныджы». [21]Езекиа куы амарди,
уæд æй бавæрдтой йæ фыдæлты зæппадзы.
Йæ фæстæ паддзах сси йæ фырт Менассиа.

**21** Менассиа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
дыууадæс азы, æмæ Йерусалимы йæ пад-
дзахиуæг ахаста фæндзай фондз азы. Йæ
мады ном уыди Хефцива. [2]Менассиа, Ду-
недарæгæн æнæуынон цы уыд, уыдæттæ
кодта, кæддæр Дунедарæг Израилы адæмы
цурæй кæй фæсырдта, уыцы адæмты æлгъаг
митæ фæзмыдта. [3]Ногæй сарæзта, кæддæр
йæ фыд Езекиа кæй ныппырх кодта, уыцы
кувæн къуыбыртæ. Израилы паддзах Ахавау
нывондхæссæн скодта Баалæн, сарæзта Аше-
рæйы цæджындз. Стъалытæм дæр куывта
æмæ сын хаста нывæндтæ. [4]Дунедарæг Йеру-
салимы Йæхи номыл цы Кувæндон саразын
кодта, уым Менассиа æцæгæлон хуыцæут-
тæн скодта нывондхæссæнтæ. [5]Кувæндонæн
йæ дыууæ кæрты мидæг нывондхæссæнтæ
скодта арвы стъалытæн дæр. [6]Арты нывон-
дæн æрхаста йæ фырты, дæсны фарста æмæ
кæлæнтæ кодта, суанг ма мæрдтæмсидджы-
тæ æмæ дæсныфæрсджыты дæр баххуырс-
та. Дунедарæгæн æнæуынон чи уыд, ахæм
хъуыддæгтæ бирæ сарæзта, æмæ Йæ мæсты
кодта. [7]Ашерæйы цæджындз Дунедарæджы
Кувæндоны сæвæрдта, Дунедарæг Давид
æмæ Соломонæн афтæ кæмæй загъта: «Мæ-
хицæн Израилы æппæт хæдзарвæндæгтæй
цы сахар равзæрстон, уыцы Кувæндоны,
Йерусалимы, Мæ ном цæрдзæни мыггагмæ.
[8]Израилæгтæ Мæм куы хъусой, Мæ цагъар
Моисей сын Мæ номæй цыдæриддæр ба-
фæдзæхста, уыдæттæ куы æххæст кæной,
уæд сæ иу дæр нæ фæхауæццаг уыдзæни,
кæддæр сын сæ фыдæлтæн цы зæхх радтон,
уымæй». [9]Фæлæ Израилы адæм нæ хъуыстой
Хуыцаумæ. Менассиа сын сæ зонд сзыгъу-
ыммæ кодта, æмæ сын Дунедарæг сæ цу-
рæй цы адæмты фæсырдта, уыдонæй дæр
фыддæр фесты.
[10]Уæд Дунедарæг Йæ цагъартæн, пеху-
ымпартæн, бафæдзæхста, цæмæй адæмæн
фехъусын кæной: [11]иудейаг паддзах Менас-
сиа суанг аморæгтæй дæр, ацы бæстæйы
раздæры цæрджытæй, фæфыддæр ис æлгъаг
митæ нывæндынмæ. Иудейы адæмы тæри-
гъæдты азымы баппæрста йæ гуымирытæм
кувынæй. [12]Æмæ уый тыххæй Дунедарæг,
Израилы Хуыцау, зæгъы: «Йерусалимыл æмæ
æгас Иудейы зæххыл ахæм фыдбылыз ных-
хуырсдзынæн, æмæ йын йæ кой чидæрид-
дæр фехъуса, уымæн фыр адæргæй йæ дыу-
уæ хъусы дæр ныззардзысты. [13]Йерусалим

абардзынæн, Самари цы æмвæзбарæн си-
нагæй барст æрцыд æмæ Ахавы галуан цы
уырдыгбарæнæй барст æрцыд, уыдонæй.
Къус куыд ныссæрфынц æмæ йæ фæдæлгом
кæнынц, афтæ Æз дæр равдæлон кæндзынæн
æмæ сфæлдахдзынæн Йерусалимы сахар.
14Мæ исбонæй ма цы адæм баззад, уыдонæй
Æз 'Ме ргом аздахдзынæн, сæ фыдгулты
къухтæм сæ ратдзынæн, стигъдджытæ æмæ
абырджыты амæттаг бауыдзысты. 15Уый
уымæн, æмæ, сæ фыдæлтæ Мысырæй куы
рацыдысты, уæдæй нырмæ Мæ цæсты раз
æнаккаг митæ кæнынц».
16Менассиа, иуæй, иудейæгты баппæрста
тæригъæдты азымы, цæмæй кæной, Дуне-
дарæджы зæрдæмæ цы нæ цæуы, уыдæттæ,
иннæмæй та ныккалдта бирæ æназым туг
æмæ туджы бын фæкодта æгас Йерусалимы
сахар дæр.
17Менассиайы иннæ хъуыддæгтæ иууыл-
дæр, уыимæ йæ тæригъæдтæ, фыст æрцы-
дысты «Иудейаг паддзæхты азфыстыты чи-
ныджы». 18Йæ фыдæлтимæ куы баиу, уæд
æй бавæрдтой йæ галуаны дыргъдоны, уый
кæддæр Уззайы дыргъдон уыди. Йæ фæстæ
паддзах сси йæ фырт Амон. 19Паддзах куы
сси, уæд ыл цыди дыууæ æмæ ссæдз азы,
æмæ Йерусалимы йæ паддзахиуæг ахаста
дыууæ азы. Йæ мад Мешулемет уыди иот-
вайаг Харуцы чызг. 20Амон дæр, йæ фыд
Менассиайы хуызæн, Дунедарæгæн æнæ-
уынон цы у, уыдæттæ кодта. 21Алцæмæй
дæр фæзмыдта йæ фыды. Уый хуызæн табу
кодта гуымирытæн æмæ-иу сын бакуывта.
22Ныууагъта Дунедарæджы, йæ фыдæлты
Хуыцауы, Йæ фæдзæхстытæ Йын не 'ххæст
кодта.
23Паддзах Амоны ныхмæ йæ дæлдæртæ
сусæгвæнд скодтой æмæ йæ амардтой йæ
галуаны. 24Фæлæ бæстæйы адæм, Амоны
ныхмæ сусæгвæнды чи архайдта, уыдоны се
'ппæты дæр ныццагътой æмæ йын йæ бæсты
паддзахæй расидтысты йæ фырт Иосиайы.
25Амоны иннæ хабæрттæ иууылдæр фыст
æрцыдысты «Иудейаг паддзæхты азфыс-
тыты чиныджы». 26Йæ мард ын бавæрдтой
йæхи зæппадзы, Уззайы дыргъдоны. Йæ
фæстæ паддзах сси йæ фырт Иосиа.

**22** Иосиа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
аст азы, æмæ Йерусалимы йæ паддзахиуæг
ахаста иуæндæс æмæ ссæдз азы. Йæ мад Йе-
дида уыди боцкатаг Адайайы чызг. 2Иосиа
кодта Дунедарæджы фæндон хъуыддæгтæ.
Алцæмæй дæр фæзмыдта йæ фыдæл Давиды,
йæхи дзы нæдæр рахизæрдæм, нæдæр га-
лиуæрдæм здахгæйæ.
3Йæ паддзахиуæджы æстдæсæм аз Иосиа
Дунедарæджы Кувæндонмæ арвыста Мешул-
ламы байзæддаг Ацалиайы фырт Шафаны,
йæ нымæрдары. Бафæдзæхста йын: 4«Алчер
Хилкиамæ бацу, æмæ йын банымайын кæн,
Кувæндоны дуаргæстæ ныронг адæмæй цы
'взист æрæмбырд кодтой, уый. 5Уыцы æвзист
раттæнт, Дунедарæджы Кувæндоны куыс-
тытæм йæ цæст чи дары, уыдонæн, цæмæй
фидой Дунедарæджы хæдзар цалцæггæн-
джытæн: 6хъæддæснытæ, аразджытæ æмæ
сисамайджытæн. Хæдзар цалцæг кæнынæн
хъæдæрмæг æмæ лæгъзгонд дуртæ балхæ-
ной. 7Æцæг бæрны лæгтæй дзуапп домын
нæ хъæуы, æвзист куыд хардзгонд цæудзæн,
уый тыххæй, уымæн æмæ уыдон æууæнк-
джын адæм сты».
8Нымæрдар ацы ныхæстæ Хилкиайæн
куы рафæзмыдта, уæд ын уый загъта: «Ду-
недарæджы Кувæндоны æз ссардтон Æгъ-
дауы чиныг».
Æмæ Хилкиа уыцы чиныг Шафанмæ радта,
æмæ йæ уый бакасти. 9Уый фæстæ Шафан
паддзахмæ æрбаздæхт æмæ йын рахабар
кодта: «Дæ цагъартæ, сауджынтæ, Кувæн-
доны мысайнаг æвзист райстой æмæ йæ
бæрнылæгты къухмæ радтой».
10Шафан паддзахмæ равдыста, Хилкиа
йæм цы чиныг радта, уый æмæ йын æй ба-
касти. 11Паддзах чиныджы ныхæстæ куы
фехъуыста, уæд йæ уæлæдарæс арæдывта
фæйнæрдæм. 12Стæй бафæдзæхста алчер
Хилкиайæн, Шафаны фырт Ахикамæн, Ми-
хайы фырт Ахборæн, нымæрдар Шафанæн
æмæ йæ лæггадгæнæг Асайайæн: 13«Цæут
æмæ Дунедарæджы бафæрсут, ацы чиныджы
цы фыст ис, уымæй. Бафæрсут Æй мæн тых-
хæй, нæ адæмы тыххæй æмæ æгас Иудейы
тыххæй. Уымæн æмæ нæм мæстæй судзы,
нæ фыдæлтæ Æгъдауы чиныджы домæнтæм
сæ хъус кæй нæ дардтой, кæй сæ не 'ххæст
кодтой, уый тыххæй».
14Алчер Хилкиа, Ахикам, Ахбор, Шафан
æмæ Асайа ацыдысты сылгоймаг-пехуым-
пар, Йерусалимы ног хайы цæрæг Хулдамæ.
Йæ мой, Хархасы байзæддаг Тиквайы фырт
Шаллум, уыди уæлæдарæсы агъуысты уаг-
дар. Æмæ паддзахы минæвæрттæ фарстой
Хулдайы. 15Уый сын дзуапп радта: «Дунеда-
рæг, Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы! Мæнмæ
уæ чи рарвыста, уыцы адæймагæн фехъу-
сын кæнут: 16„Афтæ зæгъы Дунедарæг: Æз
ацы сахар æмæ йæ цæрджыты фыдбылызы

амӕттаг бакӕндзынӕн, Иудейы паддзах цы
чиныг бакаст, уым куыд фыст ис, афтӕ. 17Кӕй
Мӕ ныууагътой ӕмӕ ӕндӕр хуыцӕуттӕн
буд кӕй сыгътой, сӕ хъуыддӕгтӕй Мӕ кӕй
мӕсты кодтой, уый тыххӕй ацы бынатмӕ
Мӕ маст ссудздзӕн, ӕмӕ нӕ бамынӕг уы-
дзӕн“. 18Фӕлӕ Иудейы паддзахӕн, Дунеда-
рӕджы бафӕрсынмӕ уӕ чи рарвыста, уы-
мӕн зӕгъут: „Дунедарӕг, Израилы Хуыцау,
афтӕ зӕгъы: ды фехъуыстай, ацы чиныджы
цы фыст ис, уый. 19Ӕз ацы сахар ӕмӕ йӕ
цӕрджыты ныхмӕ цы загътон, уый куы
фехъуыстай, — гӕныстон ӕмӕ ӕлгъыст сӕм
ӕнхъӕлмӕ кӕй кӕсынц, — уӕд дӕ дарӕс
фӕйнӕрдӕм арӕдывтай ӕмӕ дӕ цӕссыг
калдтай Мӕ разы. Уый тыххӕй дӕ Ӕз дӕр
фехъуыстон, — зӕгъы Дунедарӕг. — 20Ӕз
ацы сахарыл цы фыдбылыз ӕруадздзынӕн,
уый дӕ цӕстӕй нӕ фендзынӕ. Ӕнцад ра-
лӕудзӕни дӕ царды кӕрон, фарнимӕ дӕ
бавӕрдзысты зӕппадзы“».

Паддзахыл сӕмбӕлын кодтой ацы дзуапп.

**23** Паддзах арвыста Иудей ӕмӕ Йерусали-
мы хистӕртӕм ӕмӕ сӕ ӕрӕмбырд кодтой.
2Уӕд Иудейы адӕм ӕмӕ Йерусалимы ӕппӕт
цӕрджытимӕ, сауджынтимӕ ӕмӕ пехуым-
партимӕ, ӕппӕт дзыллӕимӕ дӕр, стырӕй,
чысылӕй, паддзах фӕраст ис Дунедарӕджы
Кувӕндонмӕ. Уым сын райдианӕй кӕронмӕ
хъӕрӕй бакасти, Кувӕндоны кӕй ссардтой,
уыцы Фидыды чиныджы фыст. 3Уый фӕстӕ
паддзах уым уӕлӕуӕз йӕ сӕрмагонд бына-
ты слӕууыд ӕмӕ Дунедарӕджы цӕсгомы
раз сфидар кодта Фидыд — Дунедарӕджы
коммӕ кӕй кӕсдзӕн, Йӕ фӕдзӕхстытӕ,
Йӕ уынаффӕтӕ ӕмӕ Йын Йӕ уагӕвӕрдтӕ
зӕрдиагӕй кӕй ӕххӕст кӕндзӕн, кӕй сӕх-
хӕст кӕндзӕн, ацы Фидыды чиныджы цы
ныхӕстӕ фыст ис, уыдон дӕр. Ӕмӕ ӕппӕт
адӕм дӕр ууыл бафидыдтой.

4Уӕд паддзах бафӕдзӕхста алчер Хил-
киайӕн ӕмӕ Дунедарӕджы Кувӕндоны
къӕсӕры раз хъалагъур хӕссӕг сауджынтӕн,
цӕмӕй Кувӕндонӕй ӕддӕмӕ рахӕссой,
Баалӕн, Ашерӕйӕн ӕмӕ стъалытӕн цы
дзауматӕ арӕзт ӕрцыд, уыдон. Йерусали-
мӕй сӕ фӕссахармӕ рахӕссын кодта ӕмӕ
сӕ уым Кедроны тӕрфы басудзын кодта. Уый
фӕстӕ сын се 'ртхутӕг Вефилмӕ ахӕссын
кодта. 5Атардта, Баалӕн, хурӕн, мӕйӕн,
стъалыгуппартӕн ӕмӕ ӕппӕт арвы стъа-
лытӕн чи табу кодта, Иудейы сахарты ӕмӕ
сын Йерусалимы алфамбылӕйтты кувӕн
къуыбыртыл нывӕндтӕ чи хаста, уыцы
сауджынты, Иосиайы размӕйы паддзӕхты
ӕвзӕрстыты. 6Ашерӕйы цӕджындз Дуне-
дарӕджы Кувӕндонӕй Йерусалимы фӕс-
сахармӕ Кедроны тӕрфмӕ рахӕссын кодта
ӕмӕ йӕ уым басудзын кодта. Йе 'взалытӕ
йын бассын кодта, ӕмӕ ӕртхутӕг хуымӕтӕг
адӕмы уӕлмӕрдты акалдтой. 7Хъахбайтӕ
кӕм цардысты ӕмӕ сылгоймӕгтӕ Ашерӕ-
йӕн дарӕстӕ кӕм уӕфтой — Кувӕндоны
кӕрты цы агъуыстытӕ уыд, уыдоны дӕр фе-
халын кодта. 8Иудейы сахартӕй акодта ӕп-
пӕт сауджынты ӕмӕ, нывӕндтӕ цы кувӕн
къуыбыртыл хастой — Гевӕйӕ Беер-Шевӕйы
онг — уыдон иуылдӕр фӕчъизи кодта. Са-
хары хицау Йешуайы хӕдзары мидкулдуар
ӕмӕ сахары мидкулдуар, галиуӕрдыгӕй,
мӕнгхуыцӕуттӕн цы кувӕн къуыбыртӕ
уыд, уыдон дӕр фехалын кодта. 9Ӕмӕ уым
цы сауджынтӕ лӕггад кодтой, уыдонӕн сӕ
бон уыди Йерусалимы сауджынтимӕ иумӕ
донгонд дзултӕ хӕрын. Ӕцӕг, Дунедарӕгӕн
Йерусалимы цы нывондхӕссӕн уыд, ууыл
сын нывӕндтӕ хӕссыны бар нӕ уыди.

10Паддзах Иосиа фӕчъизи кодта, Хинномы
байзӕддӕгты дӕлвӕзы цы кувӕн къуыбыр
уыди, Тофет, зӕгъгӕ, уый дӕр, цӕмӕй уым
Молохӕн арты нывондӕн мачи хӕсса йӕ
фырты кӕнӕ йӕ чызджы. 11Ноджы ма фӕ-
чъизи кодта, иудейаг паддзӕхтӕ хуры кадӕн
Дунедарӕджы Кувӕндонмӕ бацӕуӕны раз
цы бӕхты цыртсурӕттӕ ныссагътой, уыдон
дӕр. Лӕууыдысты Парвары фӕзы, паддзахы
галуаны уагдар Нетан-Мелехы бӕрны цы
агъуыстытӕ уыд, уыдоны цур. Уыимӕ басу-
дзын кодта, хуры кадӕн цы уӕрдӕттӕ конд
ӕрцыд, уыдон. 12Иудейаг паддзӕхтӕ Ахазы
галуаны уӕлхӕдзар цы нывондхӕссӕнтӕ
скодтой, Менассиа та — Дунедарӕджы Ку-
вӕндоны дыууӕ кӕрты, уыдон дӕр ныппырх
кӕнын кодта ӕмӕ сын сӕ бырон Кедроны
тӕрфы ныккалын кодта. 13Йерусалимы ба-
комкоммӕ, Елеоны хохӕн йӕ хуссарварс,
сидойнаг мӕнгхуыцау Астартӕйӕн, моаваг
мӕнгхуыцау Кемошӕн ӕмӕ аммонаг мӕнг-
хуыцау Милкомӕн Израилы паддзах Соломон
йӕ заманы цы кувӕн къуыбыртӕ сарӕзта,
уыдон дӕр фӕчъизи кодта. 14Табуйаг дуртӕ
тӕгӕлтӕ фӕхауын кодта ӕмӕ Ашерӕйы
цӕджындзтӕ акалдта. Кӕм уыдысты, уыцы
бынӕттӕ мӕрдты стджыты бын фӕкодта.
15Фехӕлдта Вефилы нывондхӕссӕн, стӕй,
Израилы адӕмы тӕригъӕды амӕттаг чи
бакодта, уыцы Йоровам, Наваты фырт, уым
цы кувӕн къуыбыр скодта, уый. Арты йӕ
басыгъта ӕмӕ йӕ бассадта. Басыгъта табуйаг

цæджындз. 16Иосиа уым афæлгæсыди хохыл
æмæ, зæппæдзтыл йæ цæст куы ’рхæцыд, уæд
сын сæ хуылфæй мæрдты стджытæ рахæссын
кодта æмæ сæ нывондхæссæныл басыгъ-
та. Афтæмæй æгады гакк сæвæрдта Вефилы
нывондхæссæныл, раздæр Дунедарæджы
фæдзæхстæй Хуыцауы æвзæрст лæг куыд
фехъусын кодта, афтæ. 17Иосиа сахары цæр-
джыты бафарста: «Мæнæ ацы цырт та цы у?»

Дзуапп ын радтой: «Уый у Хуыцауы æв-
зæрст лæджы цырт, кæддæр Иудейæ ссы-
ди, ныр ды Вефилы нывондхæссæнæн цы
ми кæныс, уый тыххæй рагацау фехъусын
кæнынмæ».

18Паддзах загъта: «Ма йæ бахъыгдарут, йе
стджытæм ын ма бавналут!»

Æмæ йын нæ бавнæлдтой йе стджытæм,
стæй ма уым Самарийæ æрбацæуæг пехуым-
пары стджытæ дæр разынд, æмæ уыдонмæ
дæр. 19Иосиа Вефилы кувæн къуыбыртау
фехæлдта Самарийы сахарты кувæн къуы-
быртты æппæт куывддон агъуыстытæ дæр. Сæ
заманы сæ Израилы паддзæхтæ фæцарæзтой
æмæ уымæй дæр маст бауагътой Дунедарæ-
джы зæрдæйы. 20Стæй уыцы куывддонты
нывондхæссæнтыл аргæвдын кодта кувæн
къуыбырты æппæт сауджынты. Нывондхæс-
сæнтыл басыгъта мæрдты стджытæ дæр æмæ
фæстæмæ Йерусалиммæ раздæхти. 21Уым
бардзырд радта æппæт адæмæн дæр: «Ацы
Фидыды чиныджы фыстмæ гæсгæ, Куадзæн
скæнут Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн».

22Афтæ уый тыххæй бакодта, æмæ израи-
лаг æмæ иудейаг паддзæхты рæстæджыты
Израилы адæмæн чи тæрхон кодта, уыцы
тæрхоны лæгты заманæй фæстæмæ Куа-
дзæн бæрæггонд никуыуал æрцыд. 23Æмæ
ныр, Иосиайы паддзахиуæджы æстдæсæм
аз, Дунедарæджы Куадзæн сбæрæг кодтой
Йерусалимы. 24Иосиа ныццæгъдын кодта
мæрдтæмсидджытæ æмæ дæсныфæрсджы-
ты, ныппырх кæнын кодта, Иудейы зæххыл
æмæ Йерусалимы хæдзарон хуыцаугондæй,
гуымирыйæ, стæй æлгъагæй цыдæриддæр
разынди, уыдон. Æмæ афтæмæй сæххæст
кодта, сауджын Хилкиа Дунедарæджы Ку-
вæндоны цы Æгъдауы чиныг ссардта, уым
цы фыст уыди, уый. 25Йæ размæ уый хуызæн
паддзах никуыма уыди, йæ уд, йæ зæрдæ
æмæ йе ’ппæт хъарутæ Дунедарæгæн чи
снывонд кодта æмæ Моисейы Æгъдауы æп-
пæт фæдзæхстытæ чи æххæст кодта, стæй
йæ фæстæ дæр ахæм паддзах никуыуал уыд.

26Фæлæ уæддæр Дунедарæджы маст нæ
фæкъаддæр иудейæгтæм, уымæн æмæ Йæ
Менассиа тынг бафхæрдта йе ’наккаг митæй.
27Дунедарæг загъта: «Израилы адæмау Мæхи
атигъ кæндзынæн Иудейы адæмыл дæр, Ме
’ргом аздахдзынæн Ме ’взæрст сахар Йеруса-
лимæй æмæ, Мæ ном дзы цæрдзæни, зæгъгæ,
кæмæй загътон, уыцы Кувæндонæй».

28Иосиайы иннæ хабæрттæ иууылдæр
фыст æрцыдысты «Иудейаг паддзæхты аз-
фыстыты чиныджы».

29Иосиа-паддзахы заман Мысыры паддзах,
фараон Нехо, æд æфсад араст ис Евфраты
доны ’рдæм, Ассирийы паддзахы ныхмæ.
Мегиддойы цур æй Иосиа бауроминаг уыд,
фæлæ йæ Нехо куы федта, уæд æй амард-
та. 30Æмæ Иосиайæн йæ фæсдзæуинтæ йæ
мард Мегиддойæ Йерусалиммæ аластой
æмæ йын æй уым йæ зæппадзы бавæрдтой.
Уый фæстæ йын иудейæгтæ йæ фырт Иоа-
хазы байсæрстой æмæ йын æй паддзахæй
расидтысты йæ бæсты.

31Иоахаз паддзах куы сси, уæд ыл цыди
æртæ æмæ ссæдз азы, æмæ Йерусалимы
йæ паддзахиуæг æдæппæтæй ахаста æртæ
мæйы. Йæ мад Хамутал уыди ливнæйаг
Йеремиайы чызг. 32Æмæ Иоахаз дæр йæ
фыдæлтау, Дунедарæгæн æнæуынон цы у,
уыдæттæ кодта.

33Фараон Нехо йæ Ривлайы сахары, Ха-
маты зæххыл, уацары райста, æмæ ууыл
йæ паддзахиуæг ахицæн Йерусалимы. Нехо
Иудейæ æрдомдта ивар: æвзисты сæдæ та-
ланты æмæ сыгъзæрины иу талант. 34Фараон
Иудейæн Иосиайы бæсты паддзахæй расидт
йæ иннæ фырт Елиакимы. Æцæг ын радта
ног ном: Иоаким. Ныр Иоахазы та атардта
Мысырмæ, æмæ уый уым амардис.

35Иоаким йæ бæстæйы адæмæй алкæмæй
дæр, йæ исбон кæмæн куыд амыдта, уымæ
гæсгæ фараонæн æмбырд кодта хъалон, уый
йæхæдæг цас домдта, уый бæрц æвзист æмæ
сыгъзæринæй.

36Иоаким паддзах куы сси, уæд ыл цыди
фондз æмæ ссæдз азы, æмæ Йерусалимы
йæ паддзахиуæг ахаста иуæндæс азы. Йæ
мад Зевудда уыди Румайаг Педаиайы чызг.
37Иоаким дæр йæ фыдæлтау, Дунедарæгæн
æнæуынон цы у, уыдæттæ кодта.

**24** Йæ паддзахиуæджы заман Иудеймæ
æд æфсад æрбацыди Вавилоны паддзах
Навуходоносор, æмæ Иоаким йæ дæлбар
балæууыд. Æртæ азы йын фæлæггад кодта,
стæй йын нал уисæн кодта. 2Фæлæ йын Дуне-
дарæг йæ ныхмæ самидин кодта халдейæг-
ты, сириæгты, моавæгты æмæ аммонæгты

æрдонгтæ. Æмæ уыдон Иудеймæ æрбабырс-
той, ныггæныстон æй кæнынмæ, Дунедарæг
Йæ пехуымпарты уылты куыд дзырдта, аф-
тæ. 3 Æппæт уыдæттæ Дунедарæг Иудейæн
бавзарын кодта Менассиайы тæригъæдты,
стæй йе 'ппæт хъуыддæгты тыххæй, 4 уыи-
мæ Йерусалимы сахары æназымты туг кæй
ныккалдта, уый тыххæй. Дунедарæджы нал
бафæндыд ныххатыр кæнын.
5 Иоакимы иннæ хабæрттæ иууылдæр фыст
æрцыдысты «Иудейаг паддзæхты азфыс-
тыты чиныджы». 6 Куы амарди, уæд æй ба-
вæрдтой йæ фыдæлты зæппадзы. Йæ фæстæ
паддзах сси йæ фырт Йехониа.
7 Уыцы заман Мысыры паддзах нал уæн-
дыд йæ паддзахадæй йæ сæр æддæмæ ра-
дарын, уымæн æмæ йын Евфраты донæй
Мысыры арæнты онг цыдæриддæр зæххытæ
уыди, уыдон Вавилоны паддзахы къухмæ
бахаудтой.
8 Йехониа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
æстдæс азы, æмæ Йерусалимы йæ паддза-
хиуæг æдæппæтæй ахаста æртæ мæйы. Йæ
мад Нехушта уыд йерусалимаг Елнатаны
чызг. 9 Йехониа дæр, йæ фыды хуызæн, Ду-
недарæгæн æнæуынон цы у, уыдæттæ кодта.
10 Гъемæ уыцы заман Вавилоны паддзах
Навуходоносоры æфсæдтæ Йерусалимы
сахарыл æрхъула кодтой, 11 æмæ сæм уыр-
дæм æрбацыди Вавилоны паддзах Наву-
ходоносор дæр. 12 Сахарæй йæ размæ рацыд
иудейаг паддзах Йехониа, йæ мадимæ, йæ
барджынтимæ, йе 'фсады хицæуттимæ æмæ
йæ иннæ дæлдæртимæ. Вавилоны паддзахы
хицаудзинадыл цыди æстæм аз, Йехониайы
уацары куы райста, уæд. 13 Дунедарæг рага-
цау куыд загъта, афтæ уый Дунедарæджы
Кувæндоны æмæ паддзахы галуаны хæзнатæ
иууылдæр раласта, йæ заманы Израилы пад-
дзах Соломон Дунедарæджы Кувæндонæн
цы сыгъзæрин мигæнæнтæ скодта, уыдон
та ныппырх кодта. 14 Йерусалимæн ратардта
йе 'ппæт цæрджыты дæр, æлдарæй, æфсады
хицауæй — иу-дæс мины бæрц. Ноджы ма —
хъæддæснытæ æмæ куырдты. Ныууагъта
ма æрмæстдæр мæгуырты. 15 Вавилонмæ
Йерусалимæй хаст æрцыдысты Йехониа
дæр, йæ мад, йæ устытæ æмæ йæ лæггад-
гæнджытæ дæр, стæй бæстæйы уæздæттæ
дæр. 16 Ноджы ма — авд мин хæстоны, мин
æрмдæсныйы, уыимæ хъæддæснытæ æмæ
куырды дæсныты, стæй ма, йæ бон хæцæн-
гарзæй хæцын кæмæн уыд, уыдоны се 'ппæ-
ты дæр вавилойнаг паддзах йемæ уацары
акодта Вавилонмæ.
17 Вавилойнаг паддзах Йехониайы бæсты
Иудейы паддзах скодта уымæн йæ фыды
'фсымæр Маттаниайы. Æрмæст ын радта
ног ном: Цедекиа.
18 Цедекиа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
иу æмæ ссæдз азы, æмæ Йерусалимы йæ
паддзахиуæг ахаста иуæндæс азы. Йæ мад
Хамутал уыди ливнæйаг Йеремиайы чызг.
19 Цедекиа дæр Иоакимау, Дунедарæгæн æнæ-
уынон цы у, уыдæттæ кодта.
20 Дунедарæг афтæ смæсты ис Йерусалим
æмæ Иудейы цæрджытæм, æмæ сыл хъоды
бакодта.
Цедекиа нал уисæн кодта Вавилоны
паддзахæн.

**25** Вавилоны паддзах Навуходоносорæн
йæ паддзахиуæгыл фарæстæм аз куы цыд,
уæд, дæсæм мæйы дæсæм бон, æд æфсад
æрбабырста Йерусалиммæ, æрхъула йыл
кодта æмæ йын йæ алыварс самадта сы-
джытбыру. 2 Сахары æрхъула ахаста Цеде-
киайы паддзахиуæджы иуæндæсæм азмæ,
3 æмæ сыдæй мæлынмæ æрцыдысты йæ
цæрджытæ, хойраджы мур сæм нал баззад.
Цыппæрæм мæйы фарæстæм бон 4 сахар
ист æрцыд. Иудейаг паддзах Цедекиа æх-
сæвы тары йæ хæстон адæмимæ лидзæг
фæци, æмæ, паддзахы дыргъдоны кæрон
сахары дыууæ сисы астæу цы кулдуар уыди,
ууылты Иорданы дæлвæзмæ раирвæзтысты.
Ныр халдейæгты æфсад та лæууыди сахары
алыварс. 5 Иудейаг паддзахы бафиппайдтой
æмæ йæ фæсте асырдтой, баййæфтой йæ
Йерихоны дæлвæзы. Йæ хæстонтæ йæ ныу-
уагътой æмæ фæйнæрдæм фæлыгъдысты.
6 Халдейæгтæ паддзахы æрцахстой æмæ
йæ Ривлайы сахармæ, Вавилоны паддзах
Навуходоносоры размæ, акодтой. Уым ын
стæрхон кодтой. 7 Цедекиайæн йæ фыртты
аргæвстой йæ цæстыты раз, йæхицæн та йын
йæ цæстытæ скъахтой æмæ йæ хъадаманты
мидæг Вавилонмæ акодтой.
8 Вавилоны паддзах Навуходоносоры пад-
дзахиуæджы нудæсæм аз, фæндзæм мæйы
æвдæм бон, йæ хъахъхъæнджыты хицау
Невузардан, йæ бæрнондæр лæггадгæнæг,
Йерусалиммæ æрбацыд 9 æмæ басыгъта Ду-
недарæджы Кувæндон, паддзахы галуан,
стæй стыр хæдзæрттæ иууылдæр. 10 Халде-
йæгты æфсад, паддзахы хъахъхъæнджыты
хицау йæ сæргъы, афтæмæй, Йерусалимы
алыварс цы систæ уыди, уыдон дæр ныппырх
кодта. 11 Сахары ма цы адæм баззади, уыдо-
ны, вавилойнаг паддзахы къухмæ йæхи чи

радта, уыдонимӕ хъахъхъӕнджыты хицау
Невузардан акодта Вавилонмӕ. 12 Ӕрмӕст
мӕгуыр адӕмӕй иу къорды бӕрц ныууагъта
сӕндонгӕстӕ ӕмӕ хуымгӕнджытӕй.

13 Халдейӕгтӕ ныцъцъӕл, ныммур кодтой Дунедарӕджы Кувӕндоны ӕрхуы цӕджындзтӕ ӕмӕ уыдонӕн сӕ бынӕнцайӕнтӕ, стӕй ӕрхуы денджыз. Ӕрхуы иуулдӕр Вавилонмӕ аластой.
14 Семӕ ма ноджыдӕр
райстой уазлӕггады алы мигӕнӕнтӕ: тастӕ,
фыййӕгтӕ, кӕрдтӕ, куыситӕ,
15 будсудзӕнтӕ, къустӕ. Сыгъзӕрин ӕмӕ дзы ӕвзист мигӕнӕнӕй цыдӕриддӕр уыд, уыдон иууылдӕр рахаста хъахъхъӕнджыты хицау Невузарадан.

16 Дунедарӕджы хӕдзарӕн Соломон цы дыууӕ цӕджындзы, ӕрхуы денджыз ӕмӕ суанцъытӕ саразын кодта, уыдоны уый бӕрц ӕрхуы уыди, ӕмӕ йын сбарӕн дӕр нӕ уыд.
17 Цӕджындзтӕй алкӕмӕн дӕр йӕ бӕрзӕнд уыди ӕстдӕс ӕлмӕрины. Сӕ цъуппытыл дӕр уыди ӕрхуыйӕ конд ӕфтуантӕ, сӕ бӕрзӕнд — ӕртыгай ӕлмӕринтӕ, ноджы ма — фӕйнӕ рӕхысы ӕмӕ гранат фӕткъуыты згъӕрнывтӕ зылдӕй ӕфтуантыл конд. Иууылдӕр уыдысты ӕрхуыйӕ конд.

18 Невузардан ӕрцахсын кодта алчер Серайы, стӕй уымӕн йӕ хӕдивӕг Софониайы ӕмӕ ма ноджы кулдуары цур хъалагъур хӕссӕг ӕртӕ лӕджы.
19 Сахары чи уыд,
уыдонӕй ма ноджыдӕр ӕрцахсын кодта иудейаг паддзахӕн йе 'фсады хицауы, йӕ лӕггадгӕнджытӕй фондзы, ӕфсады сӕйраг нымӕрдары, ӕфсады рӕнхъытӕм адӕмы исын кӕй бӕрны уыд, уый, стӕй ӕртиссӕдз бӕрнон лӕджы,
20 хъахъхъӕнджыты хицау
Невузардан сӕ акодта Вавилоны паддзахмӕ, Ривлайы сахармӕ.
21 Вавилоны паддзах
сӕ уым, Хаматы зӕххыл, Ривлайы сахары амарын кодта. Афтӕмӕй иудейӕгтӕ тард ӕрцыдысты сӕ бӕстӕйӕ.

22 Вавилоны паддзах Навуходоносор ма Иудейы цы адӕмы ныууагъта, уыдонӕн сӕ сӕргъы сӕвӕрдта Шафаны фырты фырт, Ахикамы фырт Гедалиайы.
23 Иудейаг ӕфсады хицӕуттӕ — Нетаниайы фырт Измаел, Кареахы фырт Йоханан, нетофаг Танхуметы фырт Серай ӕмӕ маахайаг Иазани — фехъуыстой, Вавилоны паддзах Гедалиайы хицауӕй кӕй сӕвӕрдта, уый. Ӕмӕ ӕд адӕм Гедалиамӕ ӕрбацыдысты Мицпамӕ.
24 Гедалиа
се 'ппæты раз ард бахордта ӕмӕ сын загъта: «Халдейӕгты дӕлбар ӕрлӕууынӕй ма тӕрсут. Вавилоны паддзахӕн куы лӕггад кӕнат, уӕд уӕ хъуыддӕгтӕ хорз ацӕудзысты».

25 Фӕлӕ уыцы азы ӕвдӕм мӕй Елишамайы фырт Нетаниайы фырт Измаел, паддзӕхты мыггагӕй, Гедалиайы уӕлхъус ӕрбалӕууыди дӕс лӕгимӕ ӕмӕ амардта уый дӕр ӕмӕ, уым, Мицпайы, йемӕ иудейӕгтӕ ӕмӕ халдейӕгтӕй чи уыд, уыдоны дӕр.
26 Халдейӕгтӕй тӕрсгӕйӕ, адӕм иууылдӕр, стырӕй, чысылӕй, ӕфсады хицӕуттимӕ иумӕ Мысырмӕ фӕлыгъдысты.

27 Евил-Меродах Вавилоны паддзах куы сси, тӕккӕ уыцы аз ахӕстонӕй суӕгъд кодта иудейаг паддзах Йехониайы. Уый ӕрцыд Йехониайы ахасты ӕвддӕс ӕмӕ ссӕдзӕм азӕн йӕ дыууадӕсӕм мӕйы дыууын ӕвдӕм бон.
28 Евил-Меродах ӕм ракасти хӕлар цӕстӕй. Вавилоны ма йӕм хасты цы ӕцӕгӕлон паддзӕхтӕ уыд, уыдоны ӕхсӕн ын кодта уӕлдай кад.
29 Йехониа аивта йӕ ахӕсты
дарӕстӕ дӕр. Уыйхыгъд ын цӕргӕ-цӕрӕнбонты бар уыди Вавилоны паддзахы фынгыл бадынӕн.
30 Паддзахы бардзырдмӕ
гӕсгӕ йын йӕ цард-цӕрӕнбонты ӕрвылбон хойраг лӕвӕрдтой ӕнӕсцухӕй.

# Фыццаг чиныг

# Азфыстытæ

Азфыстыты чингуытæ фылдæр хатт фæлхат кæнынц Паддзахæдты чингуыты цаутæ, фæлæ чысыл æндæр хуызы.

Чи зоны, æмæ сæ ныффыста Езра æмæ Неемиайы чингуытæ саразæг.

1–9 сæрты лæвæрд цæуынц Израилы адæмы хæдзарвæндæгты номхыгъдтæ Вавилоны уацарæй раздæхыны фæстæ, суанг Чырыстийы райгуырды агъоммæ V æнусы онг.

Æппæты фылдæр æргом здæхт цæуы Иудæйы, Бениамины æмæ Левийы мыггæгтæм.

10–21 сæрты æвдыст цæуынц Давиды паддзахиуæджы рæстæджы ахсджиагдæр цаутæй кæцыдæртæ. Паддзах Давид у фыццаг чиныджы сæйраг хъайтар. Давиды фæрцы Йерусалим израилæгтæн сси Хуыцауы стауæн уаз сахар. Паддзахæдты чингуытæй уæлдай, ацы чиныджы, зæгъæн ис æмæ нæй Давиды лæмæгъдзинæдтæ æмæ рæдыдтыты кой.

22–29 сæрты дзырдæуы, Давид Кувæндон аразынæн æрмæг куыд цæттæ кодта, ууыл, уыимæ уæлдай æргом здæхт цæуы левиттæ æмæ сауджынтæм – æвæццæгæн, автор йæхæдæг дæр уыдонæй уыди. Кæд Кувæндоны агъуыст Соломон сарæзта, уæддæр йæ саразыны уынаффæ рахæссæг сæйрагдæр Давид йæхæдæг уыдис.

---

**1** Адам, Шет, Енош, 2Кеинан, Махалаел,
Йаред, 3Енох, Мефушал, Ламех, 4Ной æмæ
йæ фырттæ: Сим, Хам æмæ Йафет.
5Йафеты фырттæ: Гомер, Магог, Мадай,
Йаван, Тувал, Мешех, Тирас.
6Гомеры фырттæ: Ашкеназ, Рифат, Тогарма.
7Йаваны байзæддæгтæ: Елиша, Таршиш,
киттимæгтæ, роданæгтæ.
8Хамы фырттæ: Куш, Мицраим, Пут,
Ханаан.
9Кушы фырттæ: Сева, Хавила, Савта, Раама,
Савтеха. Раамайы фырттæ: Сава æмæ Дедан.
10Кушæй ма райгуырди Нимрод – зæххыл
фыццаг æлдар уый сси.
11Мицраимы байзæддæгтæ: лудæгтæ,
анамæгтæ, лехавæгтæ, нафтухæгтæ, 12патрусæгтæ,
каслухæгтæ æмæ кафторæгтæ.
Кафторæгтæй равзæрдысты филистимæгтæ.
13Ханааны байзæддæгтæ: йæ хистæр – Сидон,
уый кæстæр – Хет, 14нoджы ма йевусæгтæ,
аморæгтæ, гиргашæгтæ, 15хиввæгтæ,
аркæгтæ, синæгтæ, 16арвадæгтæ, цемарæгтæ
æмæ хаматæгтæ.
17Симы фырттæ: Елам, Ассир, Арфахсад,
Луд, Арам.
Арамы фырттæ: Уц, Хул, Гетер, Мешех.
18Арфахсадæй райгуырди Шелах, Шелахæй
– Евер. 19Еверæн рантысти дыууæ
фырты: сæ иу хуынди Пелег, ахæм ном ыл
сæвæрдтой, йæ рæстæджы зæхх кæй ныддихтæ
ис, уый тыххæй. Йе 'фсымæр хуынди
Йоктан.
20Йоктанæй райгуырдысты Алмодад, Шелеф,
Хацармавет, Йарах, 21Хадорам, Узал,
Дикла, 22Эвал, Авимаел, Сава, 23Офир, Хавила,
Йовав. Адон сты Йоктаны фырттæ.
24Сим, Арфахсад, Шелах, 25Евер, Пелег, Рагав,
26Серух, Нахор, Терах, 27Аврам, кæнæ Авраам.
28Авраамы фырттæ: Исаак æмæ Измаел.
29Измаелы хистæр зæнæг – Невайот, уый
дæле – Кедар, Адбеел, Мивсам, 30Мишма,
Дума, Масса, Хадад, Тема, 31Йетур, Нафиш,
Кедма. Адон сты Измаелы байзæддæгтæ.
32Авраамæн йæ номылус Кетурайæ рацыди
фырттæ: Зимран, Йокшан, Медан,
Мидиан, Ишбак, Шуах. Йокшаны фырттæ:
Сава æмæ Дедан. 33Мидианы фырттæ: Ефа,
Ефер, Ханох, Авида, Елдага. Се 'ппæт дæр
рацыдысты Кетурайæ.
34Исаак уыдис Авраамы фырт. Исаакы
фырттæ: Исав æмæ Израил.

**1:1** Азфыстыты чингуытæ – афтæ сæ хонынц дзуттагау, рагон бердзенаг тæлмацы та – «Паралипоменон», ома «Раздæр кæй кой нæ рачынд, уыцы хабæрттæ». **1:18** Афтæ у дзуттаг æвзагыл, бердзенаг тæлмацы та: Арфахсадæй райгуырди Каинан. Каинанæй райгуырди Шелах (абар Лк 3:36).

35Исавы фырттæ: Елифаз, Реуел, Йеуш, Йа-
лам, Корах. 36Елифазы фырттæ: Теман, Омар,
Цефо, Гатам, Кеназ. Елифазæн ма йæ номылус
Тимнайæ дæр райгуырди фырт — Амалек.
37Реуелы фырттæ: Нахат, Зерах, Шамма, Мизза.
38Сеиры фырттæ: Лотан, Шовал, Цивон,
Ана, Дишон, Ецер, Дишан.
39Лотаны фырттæ: Хори æмæ Хомам; Ло-
таны хо: Тимна.
40Шовалы фырттæ: Алеан, Манахат, Эвал,
Шефи, Онам.
Цивоны фырттæ: Айа æмæ Ана.
41Сеиры фырт Анайы байзæддаг Дишон.
Сеиры байзæддаг Дишоны фырттæ: Хам-
ран, Ешбан, Итран, Керан.
42Ецеры фырттæ: Билхан, Зааван, Акан.
Дишаны фырттæ: Уц æмæ Аран.
43Мæнæ, Израилæн паддзах куы нæма уыд,
уыцы заман Едомы бæстæйы паддзæхтæ.
Беоры фырт Бела, йæ сахары ном — Дин-
хава. 44Белайы амæлæты фæстæ паддзах
сси Зерахы фырт Йовав, боцрайаг. 45Йовавы
амæлæты фæстæ паддзах сси теманæгты
бæстаг Хушам. 46Хушамы амæлæты фæстæ
паддзах сси Бедады фырт Хадад, Моавы
быдыры мидианæгты уый басаста. Йæ саха-
ры ном — Авит. 47Хадады амæлæты фæстæ
паддзах сси Самла, масрекайаг. 48Самлайы
амæлæты фæстæ паддзах сси Саул, Евфраты
былгæрон сахар Реховотæй. 49Саулы амæлæ-
ты фæстæ паддзах сси Ахборы фырт Баал-
Ханан. 50Уый куы амардис, уæд паддзах сси
Хадад, йæ сахары ном — Пагу. Йæ ус уыди
Матреды чызг Мехетавел. Матред йæхæдæг
та уыди Ме-Захавы чызг. 51Хадад дæр амард.
Едомы бæстæйы цардысты Тимнайы мыг-
гаг, Алвайы мыггаг, Йететы мыггаг, 52Охо-
ливамайы мыггаг, Елайы мыггаг, Пиноны
мыггаг, 53Кеназы мыггаг, Теманы мыггаг,
Мивцары мыггаг, 54Магдиелы мыггаг, Ирамы
мыггаг. Адон сты Едомы мыггæгтæ.

**2** Израилæн уыди дыууадæс фырты: Рувим,
Симеон, Левий, Иудæ, Иссахар, Зевулон, 2Дан,
Йосеф, Бениамин, Неффалим, Гад æмæ Асир.
3Иудæйы фырттæ: Ер, Онан æмæ Шела. Сæ
ныййарæг мад — ханаанаг Бат-Шуа.
Ер, Иудæйы хистæр зæнæг, Дунедарæджы
цæсты йæхи бафтыдта, æмæ йæ Дунедарæг
амардта. 4Иудæйæн йæ чындз Тамарæй рай-
гуырдысты Парец æмæ Зарах. Афтæмæй йæ
фырттæ баисты фондз.
5Парецы фырттæ: Есром æмæ Хамул.
6Зарахæн уыди фондз фырты: Зим-
ри, Етан, Хеман, Калкол, Дара. 7Зимрийы
фырт — Карми. Кармийы фырт — Ахар, Дуне-
дарæгæн цы снывонд чындæуыд, уыдонмæ
фæныхилгæйæ, Израилы адæмы бæллæхы
чи баппæрста, уый. 8Етаны фырт — Азариа.
9Есромы фырттæ: Йерахмеел, Рам æмæ
Келувай.
10Рамæй райгуырд Аминадав, Аминада-
вæй — Нахшон, иудейæгты фæтæг, 11Нахшо-
нæй райгуырди Салмон, Салмонæй — Боаз,
12Боазæй — Овед, Оведæй — Йессей.
13Йессейæн йæ хистæр фырт — Елиав, уый
кæстæр — Авинадав, æртыккаг — Шима,
14цыппæрæм — Нетанел, фæндзæм — Рад-
дай, 15æхсæзæм — Оцем, æвдæм — Давид.
16Уыди сын дыууæ хойы: Церуа æмæ Авигеа.
Церуайæн уыд æртæ фырты: Авишай, Йо-
ав æмæ Асаел. 17Авигеайæ райгуырд Амаса.
Амасайы фыд Йетер уыд Измаелы байзæддаг.
18Есромы фырт Калевæн йæ ус Азувæйæ
райгуырди чызг Йериот.
Йериоты фырттæ: Йешер, Шовав æмæ Ардон.
19Азувæйы амæлæты фæстæ Калев æрхаста Евф-
ратæйы, æмæ йын уый ныййардта Хуры. 20Ху-
рæй райгуырд Ури; Урийæ райгуырди Бецалел.
21Есромыл æртиссæдз азы куы рацыд, уæд
æрхаста Махиры чызджы, æмæ йын уымæй
райгуырди Сегув. Махир уыди Галаады фыд.
22Сегувæй райгуырди Иаир. Иаирæн Гала-
ады зæххыл уыд æртæ æмæ ссæдз сахары.
23Фæлæ фæстæдæр гешурæгтæ æмæ араме-
йæгтæ байстой Хаввот-Иаиры хъæутæ æмæ
Кенат йæ алыварс хъæутимæ — æдæппæтæй
æртиссæдз. Уыдон се 'ппæт дæр уыдысты
Галаады фыд Махиры байзæддæгтæ.
24Есромы амæлæты фæстæ йæ фырт Калев
æмуат æрцыди йæ фыды ус Ефрафæимæ,
æмæ йын уый ныййардта Ашхуры. Ашхур
уыди Текоайы фыд.
25Есромы фыццаг зæнæг Йерахмеелы
фырттæ: йæ хистæр зæнæг — Рам, уый дæ-
ле — Буна, Орен, Оцем, Ахийа. 26Йерахмее-
лæн йæ дыккаг ус Атарайæ райгуырди Онам.
27Йерахмеелы зæнæджы хистæр Рамы
фырттæ: Маац, Йамин, Екер.
28Онамы фырттæ: Шаммай æмæ Йада.
Шаммайы фырттæ: Надав æмæ Авишур.
29Авишурæн йæ ус Авихаил ныййардта Ах-
бан æмæ Молиды. 30Надавы фырттæ: Селед
æмæ Аппаим. Селед амарди, фырттæ йын
нæ рантысти, афтæмæй. 31Аппаимы фырт —
Иши. Ишийы фырт — Шешан. Шешан уыди
Ахлайы фыд. 32Шаммайы æфсымæр Йадайы
фырттæ: Иетер æмæ Йонатан. Иетер амарди,
фырттæ йын нæ сæнтыст, афтæмæй. 33Йо-
натаны фырттæ: Пелет æмæ Заза.

Адон се ’ппæт дæр сты Йерахмеелы
байзæддæгтæ.
34Шешанæн фырттæ нæ рацыд, æрмæст-
дæр — чызджытæ. Уыди йæм цагъар, мы-
сыраг, йæ ном — Йарха. 35Шешан Йархайæн
радта йæ чызджы, æмæ йын уый ныййардта
Аттайы. 36Аттайæ райгуырди Натан; Ната-
нæй райгуырди Завад; 37Завадæй райгуырд
Ефлал; Ефлалæй райгуырди Овед; 38Оведæй
райгуырд Йегу; Йегуйæ райгуырд Азариа;
39Азариайæ райгуырди Хелец; Хелецæй рай-
гуырд Еласа; 40Еласайæ райгуырди Сисмай;
Сисмайæ райгуырди Шаллум; 41Шаллумæй
райгуырд Йеками; Йекамийæ райгуырд
Елишама.
42Йерахмеелы æфсымæр Калевы фырт-
тæ: йæ хистæр зæнæг — Меша, Зифы фыд,
Мешайы кæстæр — Мареша, Хевроны фыд.
43Хевроны фырттæ: Корах, Таппуах, Рекем,
Шемæ. 44Шемæйæ райгуырди Рахам, Иор-
кеамы фыд. Рекемæй райгуырди Шаммай.
45Шаммайы фырт — Маон. Маон уыди Бет-
Цуры фыд.
46Калевы номылус Ефа ныййардта Хараны,
Моцайы æмæ Газезы. Харанæй райгуырди
Йахдай. 47Йахдайы фырттæ: Регем, Йотам,
Гешан, Пелет, Ефа, Шааф.
48Калевы номылус Мааха ныййардта Ше-
вер æмæ Тирханайы. 49Ноджы ма йын рай-
гуырдысты Мадманнайы фыд Шааф, æмæ
Махбена æмæ Гевæйы фыд Шева. Калевæн
уыди чызг дæр, йæ ном — Ахса.
50Адон се ’ппæт дæр сты Калевы
байзæддæгтæ.
Евфратæйы фыццаг зæнæг Хуры фырт-
тæ: Кирйат-Иаримы бындурæвæрæг Шовал,
51Вифлеемы бындурæвæрæг Салма, Бет-Га-
деры бындурæвæрæг Хареф.
52Мæнæ Кирйат-Иаримы фыд Шовалы
байзæддæгтæ: Харое, Хаци, Менухот; 53Кир-
йат-Иаримы мыггæгтæ: итриæгтæ, путæгтæ,
шумайæгтæ æмæ мишрайæгтæ. Адонæй
равзæрдысты цорайæгтæ æмæ ештаолæгтæ.
54Салмайы байзæддæгтæ: вифлеемæгтæ,
нетофæгтæ, атрот-бет-йоавæгтæ æмæ Ма-
нахтийы цæрджыты иннæ æмбис, Цорайæ
чи рацыд, уыдон. 55Ноджы ма Иавецы цæрæг
софериæгты мыггæгтæ: тирайæгтæ, ши-
майæгтæ, сухайæгтæ. Адон се ’ппæт дæр
рехавонты фыдæл Хамматы артæй рацæуæг
кенæгтæ сты.

**3** Давидæн Хевроны райгуырди фырттæ:
йæ хистæр зæнæг — Амнон, йæ мад изреелаг
Ахиноам, уый кæстæр — Даниил, йæ мад
кармелаг Авигеа, 2æртыккаг — Авессалом,
йæ мад — Гешуры паддзах Талмайы чызг
Мааха, цыппæрæм — Адониа, йæ мад Хагит,
3фæндзæм — Шефати, йæ мад Авитал, æх-
сæзæм — Итреам, йæ мад Егла. 4Ацы æхсæз
фырты Давидæн райгуырдысты Хевроны.
Уым Давид паддзахиуæг кодта авд азы æмæ
æхсæз мæйы.
Уый фæстæ Давид æртындæс æмæ ссæдз
азы паддзахиуæг кодта Йерусалимы. 5Уым ын
райгуырдысты: Шима, Шовав, Натан æмæ Со-
ломон, сæ цыппар дæр Аммиелы чызг Вирса-
вийæ. 6Йерусалимы ма йын райгуырди фараст
фырты: Ивхар, Елишама, Елифелет, 7Ногах,
Нефег, Йафиа, 8Елишама, Елйада, Елифелет.
9Адон се ’ппæт дæр сты Давиды фырт-
тæ (фырттæ ма йын ныййардтой йæ
номылустытæ дæр). Сæ хо — Тамар.
10Соломоны фырт — Роховам, уый фырт
Авийа, уый фырт Аса, уый фырт Иосафат,
11уый фырт Иорам, уый фырт Ахазиа, уый
фырт Иоас, 12уый фырт Амациа, уый фырт
Азариа, уый фырт Йотам, 13уый фырт Ахаз,
уый фырт Езекиа, уый фырт Менассиа, 14уый
фырт Амон, уый фырт Иосиа. 15Иосиайы
фырттæ: йæ хистæр зæнæг — Иоханан, уый
кæстæр — Иоаким, æртыккаг — Цедекиа,
цыппæрæм — Шаллум. 16Иоакимы фырттæ:
Йехониа æмæ Цедекиа.
17Йехониайы фырттæ: Асир, уый фырт —
Шеалтиел; 18Малкирам, Педаиа, Шенац-
цар, Йеками, Хошама, Недавиа. 19Педаиайы
фырттæ: Зоровавел æмæ Шими. Зороваве-
лы фырттæ: Мешуллам æмæ Ханаииа, сæ
хо — Шеломит. 20Мешулламæн уыди фондз
фырты: Хашува, Охел, Варахиа, Хасади æмæ
Иушав-Хесед. 21Хананиайы фырттæ: Пела-
тиа, Исайа, Рефайа, Арнан, Овади, Шехани.
22Шеханийæн уыди æхсæз фырты: Шемайа,
Хаттуш, Игал, Бариах, Неари æмæ Шафат.
23Неарийæн уыди æртæ фырты: Елйоенай,
Езекиа æмæ Азрикам. 24Елйоенайæн уыди
авд фырты: Ходави, Елиашив, Пелаиа, Аккув,
Иоханан, Делаи æмæ Анани.

**4** Иудæйы байзæддæгтæ: Парец, Есром,
Карми, Хур, Шовал. 2Шовалы фырт Реайайæ
райгуырд Йахат; Йахатæй райгуырдысты
Ахумай æмæ Лахад: адонæй равзæрдысты
цорайæгты мыггæгтæ.
3Мæнæ Етамы фырттæ: Изреел, Ишма æмæ
Идбаш, сæ хо — Хацлелпони. 4Пенуел уыди
Гедоры фыд, Езер — Хушайы фыд. Адон сты
Евфратæйы зæнæджы хистæр — Вифлеемы
бындурæвæрæг — Хуры байзæддаг.

[5]Текоайы фыд Ашхурæн уыди дыууæ усы:
Хела æмæ Наара. [6]Наара йын ныййардта
Ахуззам, Хефер, Темни æмæ Ахаштарийы.
[7]Хелайы фырттæ: Церет, Цохар, Етнан.

[8]Коцæн райгуырдысты Анув æмæ Цовева,
стæй дзы равзæрдысты Харумы фырт Ахар-
хелы артæй рацæугæ мыггæгтæ.

[9]Иавец йе 'фсымæртæй кадджындæр уыд.
Иавец ном ыл йæ мад сæвæрдта, уымæн
æмæ, дам æй удхаргæнгæ ныййардтон. [10]Иа-
вец Израилы Хуыцаумæ скуывта: «Тæхуды,
ахæм арфæ мын куы ракæнис æмæ мын мæ
арæнтæ уæрæхдæр куы скæнис! Дæ арм мыл
куы дарис, фыдбылызæй мæ куы бахизис,
цæмæй хъизæмарæй ма мæлон!» Æмæ йын
Хуыцау сæххæст кодта йæ курдиат.

[11]Шухайы æфсымæр Келувæй райгуырди
Мехир, Ештоны фыд. [12]Ештонæй райгуыр-
дысты Бет-Рафа, Пасеах æмæ Ир-Нахашы
сахары бындурæвæрæг Техинна. Ацы мыг-
гæгтæ Рехайы цардысты.

[13]Кеназы байзæддæгтæ: Гофниел æмæ
Сераи. Гофниелы фырттæ: Хатат æмæ Меоно-
тай. [14]Меонотайæ райгуырд Офра; Сераийæ
райгуырд Йоав, Ге-Харашимы цæрджыты
фыдæл. Сахар та афтæ уымæн схуыдтой,
æмæ йæ цæрджытæ æрмдæснытæ уыдысты.

[15]Иефоннейы байзæддаг Калевы фырттæ:
Иру, Ела æмæ Наам. Елайы фырт — Кеназ.

[16]Йехаллелелы фырттæ: Зиф, Зифа, Тири
æмæ Асарел.

[17-18]Езрайы фырттæ: Иетер, Меред, Ефер
æмæ Йалон. Меред ракуырдта мысыраг Би-
тийы, фараоны чызджы. Уый йын ныййардта
Мириам, Шаммай æмæ Ештемоайы фыд
Ишбахы. Йæ иудейаг ус та йын ныййардта
Гедоры фыд Йареды, Сохойы фыд Хеверы
æмæ Заноахы фыд Йекутиелы.

[19]Ходиайы усы, Нахамы хойы, фырттæ:
гармаг Кеилайы фыд æмæ маахайаг Ештемоа.

[20]Симеоны фырттæ: Амнон, Ринна, Бен-
Ханан, Тилон.

Ишийы фырттæ: Зохет æмæ Бен-Зохет.

[21]Иудæйы фырт Шелайы байзæддæгтæ:
Лехайы фыд Ер æмæ Марешайы фыд Лада;
стæй Бет-Ашбеайаг мыггæгтæ, лыстæг гæнæй
хъуымæцтæ уафджытæ; [22]ноджы ма Иоким,
Хозевайы цæрджытæ æмæ Иоас æмæ Сараф.
Рагон таурæгъмæ гæсгæ Иоас æмæ Сараф иу
заман цардысты Моавы, фæлæ фæстæдæр æр-
баздæхтысты Вифлеемæ. [23]Сæ байзæддæгтæ
цардысты Нетаим æмæ Гедерайы, паддзахы
цур, æмæ йын куыстой дурынгæнджытæй.

[24]Симеоны фырттæ: Немуел, Йамин, Йа-
рив, Зерах, Саул. [25]Саулы фырт — Шаллум,
уый фырт Мивсам, уый фырт Мишма.
[26]Мишмайы фырттæ: Хаммуел, Заккур æмæ
Шими. [27]Шимийæн уыд æхсæрдæс фырты
æмæ æхсæз чызджы, фæлæ йе 'фсымæр-
тæн лæппутæ арæх нæ гуырди. Афтæмæй,
æдæппæтæй Симеоны хæдзарвæндаджы
мыггæгтæн сæ адæмы нымæц иудейæгты
нымæцæй къаддæр уыди.

[28]Симеоны байзæддæгтæ цардысты Беер-
Шевæйы, Моладайы, Хацар-Шуалы, [29]Бил-
хайы, Эцемы, Толады, [30]Бетуелы, Хормайы,
Циклагы, [31]Бет-Маркавоты, Хацар-Сусимы,
Бет-Бирийы, Шаараимы. Адон уыдысты сæ
сахартæ сæ алыварс хъæутимæ, Давид пад-
дзах куы сси, уый агъоммæ. [32]Ноджы ма сæм
уыди фондз сахары: Етам, Аин, Риммон, То-
хен æмæ Ашан [33]æмæ уыцы сахарты алыварс
хъæутæ — Баалы онг. Гъе адон — Симеоны
хæдзарвæндаджы цæрæнуæттæ. Симеоны
байзæддæгтæ фыст цыдысты фыдæй-фырт-
мæйы номхыгъдты.

[34]Мешовав, Йамлех, Амациайы фырт Ио-
ша, [35]Иоел, Йегу, йæ фыдæлтæ — кæстæрæй
хистæрмæ — Иошивиа, Серай æмæ Асиел;
[36]Елйоенай, Йакоба, Иешохай, Асайа, Адиел,
Йесимиел, Бенайа, [37]Зиза, йæ фыдæлтæ —
кæстæрæй хистæрмæ — Шифи, Аллон, Иеда-
йа, Шимри æмæ Шемайа. [38]Кæй кой рачынд,
уыдон уыдысты сæ мыггæгты хистæртæ.

Ацы мыггæгтæ сбирæ сты. [39]Сæ фысво-
сæн хизæнуат агургæйæ, бахæццæ сты фæ-
зы скæсæйнаг фарсмæ, суанг Гедоры онг,
[40]ссардтой, дзæбæх, сойджын сæрвæттæ кæм
уыд, ахæм бæстæ, алырдæм дæр парахат,
сабыр æмæ æдас. Уыдоны размæ дзы Хамы
байзæддæгтæ цардысты.

[41]Симеоны хæдзарвæндаджы уæлдæр
ранымад мыггæгтæ уырдæм æрцыдысты
Иудейы паддзах Езекиайы заман, сæхи ныц-
цавтой Хамы байзæддæгты цатыртæ æмæ
меунæгты цæрæнтыл, мыггагыскъуыд сæ
фæкодтой æмæ сын æрцардысты сæ бынæт-
ты, уымæн æмæ дзы сæ фосы дзуттæн уыди
хизæнтæ. [42]Адонæй, Симеоны байзæддæг-
тæй, Сеиры хæхбæстæм ацыди фондзсæдæ
лæджы, сæ сæргъы Ишийы фырттæ Пела-
тиа, Неари, Рефайа æмæ Уззиел, афтæмæй.
[43]Адон ныццагътой, амалекæгтæй ма чи
аирвæзт, уыдоны, æмæ сæ байзæддæгтæ
ныр дæр ма цæрынц уым.

**5** Израилы зæнæджы хистæр Рувим уы-
ди, фæлæ йæ фыды хуыссæн куы фæчъизи
кодта, уæд йæ хистæры кад лæвæрд æр-
цыд Израилы фырт Йосефы фырттæн; æцæг,

хæдзарвæндæгты номхыгъды Йосеф хистæ-
рыл нымад нæу. 2Иудæ йе ’фсымæртæй тых-
джындæр уыд, æмæ фæтæг уымæй равзæрди,
кæд хистæры кад Йосефæн лæвæрд уыд,
уæддæр. 3Израилы зæнæджы хистæр Руви-
мы фырттæ: Ханох, Паллу, Хецрон, Карми.
4Иоелы байзæддæгтæ: йæ фырт Шемайа,
уый фырт Гог, уый фырт Шими, 5уый фырт
Миха, уый фырт Реайа, уый фырт Баал, 6уый
фырт Беера, Ассирийы паддзах Тиглат-Пиле-
сер уацары кæй атардта, уый. Уыди Рувимы
байзæддæгты фæтæг. 7Йе ’рвадæлтæ, мыг-
гаггай, сæ хæдзарвæндаджы номхыгъды
куыд фыст сты, афтæ: хистæр — Йеиел, уый
дæле — Захариа 8æмæ Бела.
Белайы фыдæлтæ — кæстæрæй хистæр-
мæ — Азаз, Шема æмæ Иоел.
Рувимы байзæддæгтæ цардысты Ароеры
сахары æмæ уымæй цæгатæрдæм дæр, суанг
Нево æмæ Баал-Меоны онг; 9скæсæнæрды-
гæй та — Евфраты доны ацы фарс æдзæрæг
быдыры онг, уымæн æмæ Галаады зæххыл
сбирæ сты сæ фосы дзугтæ. 10Саулы заман
Рувимы фæдонтæ хæцыдысты агарæгти-
мæ. Ныццагътой сæ æмæ сын сæ цатырты
æрцардысты Галаады æппæт скæсæнварс.
11Гады байзæддæгтæ цардысты Башаны
зæххыл, суанг Салхайы онг. Рувимы хæ-
дзарвæндагимæ уыдысты æмарæн. 12Ба-
шаны цæрджытæн бæстыхицау уыд Иоел,
дыккаг лæг — Шафам, дарддæр — Йанай
æмæ Шафат. 13Се ’рвадæлтæ мыггаггай:
Михаел, Мешуллам, Шева, Йорай, Йакан, Зиа,
Евер — авд. 14Уыдон Авихаилы фырттæ сты;
йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ: Хури,
Йароах, Гилад, Михаел, Йешишай, Йахдо,
Буз. 15Гунийы байзæддаг Авдиелы фырт
Ахи уыди сæ мыггаджы хистæр. 16Цардысты
Галаады зæххыл, Башаны хъæуты, стæй Ша-
роны æппæт уæтæрты, суанг сæ арæнты онг.
17Адон сæ фыдæй-фыртмæйы номхыгъды
фыст æрцыдысты иудейаг паддзах Йотам
æмæ израилаг паддзах Йоровамы заманы.
18Рувим æмæ Гады байзæддæгтæм, стæй
Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбисмæ
уыди цыппор цыппар мин авдсæдæ хæст-
ифтонг хъæбатыры; зыдтой кард æмæ уар-
тæй хæцын, стæй фатæй æхсын. 19Уыдон
хæцыдысты агараг мыггæгтæ Йетур, Нафиш
æмæ Нодавимæ. 20Тæккæ тохы сахат Хуы-
цаумæ кæй скуывтой, сæ зæрдæ Йыл кæй
дардтой, уымæ гæсгæ сын Уый сæ куывд
фехъуыста æмæ сын баххуыс кодта, æмæ
агарæгтæ, семæ чидæриддæр уыд, уыдо-
нимæ сæ амæттаг баисты. 21Ратардтой сын
сæ фос: дæс æмæ дыууиссæдз мины теуатæ,
дыууæсæдæ фæндзай мины лыстæг фос,
дыууæ мины та хæрджытæ. Сæ адæмæй
сын сæдæ мины райстой уацары. 22Цагъды
дæр сæ бирæ фæци, уымæн æмæ Хуыцауы
фæндон уыд ацы хæст. Адон та сын сæ цæ-
рæнты фæцардысты, цалынмæ сын сæхи
дæр уацары нæ атардтой, уæдмæ.
23Менассиайы хæдзарвæндаджы иу æмбис
цардысты Башанæй Баал-Хермоны онг, стæй
Сенир æмæ Ермоны хæхты онг зæххытыл.
Дзæвгар уыди сæ нымæц. 24Мæнæ сæ мыг-
гæгты хистæртæ: Ефер, Иши, Елиел, Азриел,
Йеремиа, Ходави æмæ Йахдиел, уыдыс-
ты æхсарджын хæстонтæ, номдзыд лæгтæ.
25Фæлæ Рувимы, Гады æмæ Менассиайы
байзæддæгтæ сæ фыдæлты Хуыцауыл сæ
зæрдæ куы сивтой æмæ, Хуыцау сын сæ цуры
цы бæстæйы адæмты ныццагъта, уыдоны
хуыцæуттæм кувын куы байдыдтой, 26уæд
сын Израилы Хуыцау сæ ныхмæ самидин
кодта Ассирийы паддзах Пулы — йæ иннæ
ном Тиглат-Пилесер, — æмæ уый Рувимы,
Гады æмæ Менассиайы хæдзарвæндагæн
йе ’мбис уацары райста, акодта сæ Халахмæ,
Хавормæ, Харамæ æмæ Гозаны донмæ, æмæ
ма абоны онг дæр цæрынц уым.

**6** Левийы фырттæ: Гершон, Кехат æмæ Ме-
рари. 2Кехаты фырттæ: Амрам, Ицхар, Хев-
рон, Уззиел. 3Амрамы цот: Аарон, Моисей
æмæ Мариам. Аароны фырттæ: Надав, Авигу,
Елеазар æмæ Итамар.
4Елеазарæй райгуырд Пинхас; Пинхасæй
райгуырд Авишуагъ; 5Авишуагъæй райгуыр-
ди Букки; Буккийæ райгуырд Уззи; 6Уззийæ
райгуырди Зерахи; Зерахийæ райгуырди
Мерайот; 7Мерайотæй райгуырд Амариа;
Амариайæ райгуырд Ахитув; 8Ахитувæй
райгуырд Цадок; Цадокæй райгуырд Ахи-
маац; 9Ахимаацæй райгуырд Азариа; Аза-
риайæ райгуырд Иоханан; 10Иохананæй
райгуырд Азариа — Соломон Йерусалимы
кæй сарæзта, уыцы Кувæндоны сауджын;
11Азариайæ райгуырд Амариа; Амариайæ
райгуырд Ахитув; 12Ахитувæй райгуыр-
ди Цадок; Цадокæй райгуырди Шаллум;
13Шаллумæй райгуырди Хилкиа; Хилкиайæ
райгуырд Азариа; 14Азариайæ райгуырди
Серай; Серайæ райгуырд Иоцадак. 15Иоцадак
ацыди уацары, Дунедарæг Навуходоносоры
къухæй иудейæгтæ æмæ йерусалимæгты
уырдæм куы атардта, уæд.
16Левийы фырттæ: Гершон, Кехат æмæ
Мерари. 17Мæнæ Гершоны фыртты нæмттæ:

Ливни æмæ Шими. 18Кехаты фырттæ: Амрам,
Ицхар, Хеврон, Уззиел. 19Мерарийы фырттæ:
Махли æмæ Муши.

Мæнæ левитты мыггæгтæ сæ фыдæлтæм
гæсгæ.

20Гершон: йæ фырт Ливни, уый фырт
Йахат, уый фырт Зимма, 21уый фырт Йо-
ах, уый фырт Иддо, уый фырт Зерах, уый
фырт Йотрай.

22Кехаты байзæддæгтæ: йæ фырт Амина-
дав, уый фырт Корах, уый фырт Ассир, 23уый
фырт Елкана, уый фырт Евиасаф, уый фырт
Ассир, 24уый фырт Тахат, уый фырт Уриел,
уый фырт Узийа, уый фырт Саул. 25Елканайы
фырттæ: Амасай æмæ Ахимот; 26Ахимоты
фырт — Елкана, уый фырт Цофай, уый фырт
Нахат, уый фырт 27Елиав, уый фырт Йерохам,
уый фырт Елкана, уый фырт Самуел. 28Са-
муелы фырттæ: йæ хистæр зæнæг — Иоел,
кæстæр — Авийа.

29Мерарийы байзæддæгтæ: йæ фырт Мах-
ли, уый фырт Ливни, уый фырт Шими, уый
фырт Узза, 30уый фырт Шима, уый фырт
Хагги, уый фырт Асайа.

31Дунедарæджы хæдзары Фидыды Чы-
рын куы æрæнцад, уый фæстæ дзы Давид
сæвæрдта зарæггæнджыты. 32Уыдонæн за-
рыны лæггад кодтой Фембæлды Цатыры
цур, цалынмæ Соломон Йерусалимы Ду-
недарæджы хæдзар нæ сарæзта, уæдмæ.
Се 'гъдаумæ гæсгæ-иу æрлæууыдысты сæ
куысты уæлхъус. 33Мæнæ, сæ фырттимæ
лæггад чи кодта, уыдон:

Кехаты мыггагæй: Хеман, зарæггæнæг;
йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ: Иоел,
Самуел, 34Елкана, Йерохам, Елиел, Тоах,
35Цуф, Елкана, Махат, Амасай, 36Елкана, Ио-
ел, Азариа, Софониа, 37Тахат, Ассир, Евиасаф,
Корах, 38Ицхар, Кехат, Левий, Израил.

39Хеманæн йæ рахизфарс лæууыд йе 'рвад
Асаф; йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ:
Варахи, Шима, 40Михаел, Баасейа, Малкиа,
41Етни, Зерах, Адайа, 42Етан, Зимма, Шими,
43Йахат, Гершом, Левий.

44Хеманæн йæ галиуфарс лæууыдысты
Мерарийы байзæддæгтæ, Хеман æмæ Асафы
æрвадæлтæ, сæ сæргъы Етан, афтæмæй; йæ
фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ: Киши, Авди,
Маллух, 45Хашавиа, Амациа, Хилкиа, 46Амци,
Бани, Шемер, 47Махли, Муши, Мерари, Левий.

48Иннæ левиттæн, се 'рвадæлтæн, лæвæрд
æрцыд алы куыст Дунедарæджы цæрæны,
Хуыцауы хæдзары. 49Аарон æмæ йæ бай-
зæддæгтæ та хастой нывæндтæ ивуылсу-
дзинæгты нывондхæссæныл æмæ будсудзæн
нывондхæссæныл. Кодтой уазлæггады куыст,
æххæст кодтой Израилы адæмæн сæ тæри-
гъæдтæ ныббарыны æгъдæуттæ — Хуыцауы
цагъар Моисей куыд бафæдзæхста, афтæ.

50Мæнæ Аароны байзæддæгтæ: йæ фырт —
Елеазар, уый фырт Пинхас, уый фырт Ави-
шуагъ, 51уый фырт Букки, уый фырт Уззи,
уый фырт Зерахи, 52уый фырт Мерайот, уый
фырт Амариа, уый фырт Ахитув, 53уый фырт
Цадок, уый фырт Ахимаац.

54Мæнæ левитты цæрæнуæттæ, сæ
зæххытæ.

Кехаты мыггаджы иу хайæн, Аароны бай-
зæддæгтæн, сæ хал фыццаг кæй схаудта,
уымæ гæсгæ сын 55Иудæйы зæххыл бахай
кодтой Хеврон æмæ йæ алыварс хизæнуæт-
тæ. 56Сахарæн йæ хуымтæ æмæ йæ алыварс
хъæутæ та радтой Иефоннейы фырт Калевæн.
57Аароны байзæддæгтæн радтой æмбæхсæн
сахартæ: Хеврон, Ливнæ йæ хизæнуæттимæ,
Йатир, Ештемоа йæ хизæнуæттимæ, 58Хи-
лез æмæ Девир сæ хизæнуæттимæ, 59Ашан
æмæ Бет-Шемеш сæ хизæнуæттимæ; 60Бе-
ниамины хæдзарвæндаджы зæххыл та — Ге-
вæ, Алемет æмæ Анатот сæ хизæнуæттимæ,
æдæппæт æртындæс сахары. Аароны бай-
зæддæгтыл уæрст æрцыдысты мыггагæй.

61Кехаты байзæддæгтæй ма чи баззад,
уыцы мыггæгтæм Ефрем æмæ Даны хæ-
дзарвæндæгты зæххы хæйттыл, стæй Ме-
нассиайы хæдзарвæндаджы æмбис кæм
цардысты, уыцы зæххыл, хæлттæ сæппар-
гæйæ, æрхауди дæс сахары.

62Гершоны байзæддæгтæн, мыггæгтæм
гæсгæ, Иссахар, Асир æмæ Неффалимы хæ-
дзарвæндæгты зæххытыл, стæй Менассиайы
хæдзарвæндагæй Башаны чи царди, уыдоны
зæххыл радтой æртындæс сахары.

63Мерарийы байзæддæгтæм, мыггæгтæм
гæсгæ, Рувим, Гад æмæ Зевулоны хæдзар-
вæндæгты зæххытыл, хæлттæ сæппаргæйæ,
æрхауди дыууадæс сахары.

64Афтæмæй израилæгтæ левиттæн рад-
той ацы сахартæ сæ алыварс хизæнтимæ.
65Хæлттæ сæппаргæйæ, Аароны байзæд-
дæгтæн Иудæ, Симеон æмæ Бениамины
хæдзарвæндæгты зæххытыл радтой уæлдæр
ранымад сахартæ.

66Кехаты байзæддæгтæй ма кæцыдæр
мыггæгтæм, хæлттæ сæппаргæйæ, Ефре-
мы хæдзарвæндаджы зæххыл 67æрхауди
мæнæ ацы æмбæхсæн сахартæ дæр: Ше-
хем йæ хизæнуæттимæ Ефремы хæхбæсты,
стæй Гезер йæ хизæнуæттимæ; 68Йокмеам,
Бет-Хорон, 69Айалон æмæ Гат-Риммон сæ

хизæнуæттимæ; 70Менассиайы хæдзарвæн-
даджы æмбисы зæххыл та — Анер йæ хизæн-
уæттимæ æмæ Билам йæ хизæнуæттимæ.
Адон радтой, Кехаты байзæддæгтæй ма чи
баззад, уыцы мыггæгтæн.
71Гершоны байзæддæгтæн, мыггæгтæм
гæсгæ, Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбис
кæм царди, уыцы зæххыл, Башаны, радтой
Голан йæ хизæнуæттимæ, стæй Аштарот йæ
хизæнуæттимæ; 72Иссахары хæдзарвæнда-
джы зæххыл — Кедеш йæ хизæнуæттимæ,
Даверат йæ хизæнуæттимæ, 73Рамот йæ
хизæнуæттимæ, Анем йæ хизæнуæттимæ;
74Асиры хæдзарвæндаджы зæххыл — Машал
йæ хизæнуæттимæ, Авдон йæ хизæнуæт-
тимæ, 75Хукок йæ хизæнуæттимæ, Рехов
йæ хизæнуæттимæ; 76Неффалимы хæдзар-
вæндаджы зæххыл — Кедеш Галилейы, йæ
хизæнуæттимæ, Хаммон йæ хизæнуæттимæ,
Кирйатаим йæ хизæнуæттимæ.
77Мерарийы байзæддæгтæй ма чи баззад,
уыдонæн Зевулоны хæдзарвæндаджы зæх-
хыл радтой: Риммон йæ хизæнуæттимæ,
Фавор йæ хизæнуæттимæ; 78Рувимы хæдзар-
вæндаджы зæххыл — Иорданы скæсæйнаг
фарс, Йерихоны ныхмæ: Бецер æдзæрæг
быдыры, йæ хизæнуæттимæ, Йахац йæ хи-
зæнуæттимæ, 79Кедемот йæ хизæнуæттимæ,
Мефаат йæ хизæнуæттимæ; 80Гады хæдзар-
вæндаджы зæххыл — Рамот Галаады, йæ
хизæнуæттимæ, Маханаим йæ хизæнуæт-
тимæ, 81Хешбон йæ хизæнуæттимæ, Йазер
йæ хизæнуæттимæ.

**7** Иссахарæн уыди цыппар фырты: Тола,
Пуа, Йашув æмæ Шимрон.
2Толайы фырттæ: Уззи, Рефайа, Йериел,
Йахмай, Ивсам æмæ Самуел, Толайы артæй
рацæуæг мыггæгты хистæртæ, æхсарджын
хæстонтæ. Давиды заман Толайы байзæд-
дæгтæ сæ мыггæгты номхыгъдмæ гæсгæ
баисты дыууын дыууæ мин æхсæзсæдæ.
3Уззийы фырт — Израхиа. Израхиайы
фырттæ: Михаел, Овади, Иоел, Ишшиа. Фон-
дзæй дæр уыдысты мыггæгты хистæртæ.
4Уыцы мыггæгтæм сæ номхыгъдмæ гæсгæ
уыд æртын æхсæз мин хæстоны, уымæн
æмæ Узийайы байзæддагæн бирæ устытæ
æмæ фырттæ уыди.
5Се 'рвадæлтæ дæр, Иссахары иннæ мыг-
гæгты адæм, се 'ппæт дæр уыдысты æхсар-
джын хæстонтæ. Сæ номхыгъдмæ гæсгæ
уыдысты æстай авд мины.
6Бениаминæн уыдис æртæ фырты: Бела,
Бехер æмæ Йедиаел.
7Белайы фырттæ: Ецбон, Уззи, Уззиел, Йе-
римот æмæ Ири. Фондзæй дæр уыдысты
мыггæгты хистæртæ, æхсарджын хæстонтæ.
Сæ мыггæгты номхыгъды фыст æрцыди
дыууын дыууæ мин æртын цыппар лæджы.
8Бехеры фырттæ: Земирах, Йоаш, Елие-
зер, Елйоенай, Омри, Йеремот, Авийа, Ана-
тот, Алемет. 9Сæ байзæддаджы номхыгъды,
мыггаггай, фыст æрцыди ссæдз мины æмæ
дыууæсæдæ æхсарджын хæстоны.
10Йедиаелы фырт — Билхан. Билханы
фырттæ: Йеуш, Бениамин, Ехуд, Кенаа-
на, Зетан, Таршиш, Ахишахар. 11Йедиаелы
фырттæ се 'ппæт дæр уыдысты мыггæгты
хистæртæ, æхсарджын хæстонтæ; сæ мыг-
гæгты уыди æвддæс мины æмæ дыууæсæдæ
хæстифтонг лæджы.
12Иры фырттæ: Шуппим æмæ Хуппим.
Ахеры фырт — Хушим.
13Неффалимы фырттæ: Йахциел, Гуни,
Йецер, Шаллум — Неффалимы мад Билхайы
зæнæджы зæнæг.
14Менассиайы байзæддæгтæ: йæ арамейаг
номылусæй рацыди фырт Асриел, ноджы —
Махир, Галаады фыд. 15Махир æрхаста ус,
йæ ном — Мааха, Хуппим æмæ Шуппимы
хо. Махиры дыккаг фырт хуынди Цалфахад.
Цалфахадæн æрмæстдæр чызджытæ уыд.
16Махиры ус Мааха ныййардта фырт æмæ
йыл сæвæрдта ном Переш. Йе 'фсымæры
ном — Шереш. Шерешы фырттæ: Улам æмæ
Рекем. 17Уламы фырт хуынди Бедан. Адон
сты Галаады байзæддæгтæ, рацыдысты Ме-
нассиайы фырт Махиры артæй.
18Галаады хо Хаммолехет ныййардта Иш-
ходы, Авиезеры æмæ Махлайы.
19Шемидайы фырттæ: Ахйан, Шехем, Лик-
хи, Аниам.
20Ефремы фырт — Шутелах, уый фырт Беред,
уый фырт Тахат, уый фырт Елада, уый фырт
Тахат, 21уый фырт Завад, уый фырт Шутелах.
Ефремæн ма уыди дыууæ фырты: Езер
æмæ Елад. Амардтой сæ Гаты адæм, уыцы
бæстæйы бынæттон цæрджытæ, адон сын
сæ фос ратæрынмæ кæй ныццыдысты, уый
тыххæй. 22Бирæ бонтæ арвыста, уыдоныл
кæугæйæ, сæ фыд Ефрем, æмæ йæм йе 'фсы-
мæртæ æрцыдысты тæфæрфæс ракæнынмæ.
23Фæстæдæр Ефрем йæ усимæ æмуат æрцыд,
ус банхъæлцау æмæ лæппу ныййардта. Еф-
рем ыл сæвæрдта ном Бриа, уымæн æмæ
бæллæх æрцыд йæ хæдзарыл.
24Ефремæн уыди чызг дæр — Шеера. Уый
саразта æртæ сахары: Дæллаг Бет-Хорон,
Уæллаг Бет-Хорон æмæ Уззен-Шеера.

25Ефремæн ма ноджыдæр уыди фырттæ:
Рефах æмæ Решеф. Решефы фырт — Телах,
уый фырт Тахан, 26уый фырт Ладан, уый
фырт Аммиуд, уый фырт Елишама, 27уый
фырт Нун, уый фырт Йешуа.

28Ефремы байзæддæгты зæххытæ, сæ цæ-
рæнуæттæ, уыдысты: Вефил йæ алыварс
хъæутимæ, Вефилæй скæсæнæрдæм — На-
аран, ныгуылæнæрдæм — Гезер йæ алы-
варс хъæутимæ. Цæгатæрдæм сæ зæххытæ
æххæссыдысты Шехем æмæ Айайы æмæ
уыдонæн сæ алыварс хъæуты онг.

29Менассиайы байзæддæгты къухы уыдыс-
ты: Бет-Шеан, Таанах, Мегиддо æмæ Дор сæ
алыварс хъæутимæ.

Уыцы рæтты цардысты Израилы фырт
Йосефы байзæддæгтæ.

30Асиры фырттæ: Имна, Ишва, Ишви æмæ
Бриа; сæ хо — Серах.

31Бриайы фырттæ: Хевер æмæ Малкиел,
Бирзаиты бындурæвæрæг. 32Хеверæн ра-
цыди æртæ фырты: Йафлет, Шомер æмæ
Хотам, стæй иу чызг — Шуа.

33Йафлеты фырттæ: Пасах, Бимхал æмæ
Ашват.

34Шемеры фырттæ: Ахи, Рохга, Хубба, Арам.

35Шемеры æфсымæр Хелемы фырттæ: Цо-
фах, Имна, Шелеш, Амал. 36Цофахы фырттæ:
Суах, Харнефер, Шуал, Бери, Имра, 37Бецер,
Ход, Шамма, Шилша, Итран, Беера. 38Йетеры
фырттæ: Иефонне, Фиспа, Ара.

39Уллайы фырттæ: Арах, Ханниел, Рици.

40Адон се ’ппæт дæр сты Асиры байзæд-
дæгтæ, мыггæгты хистæртæ, æвзаргæ лæгтæ,
æхсарджын хæстонтæ, номдзыд æлдæрттæ.
Асиры байзæддæгтæй хæстонты номхыгъды
фыст æрцыд æхсæз æмæ ссæдз мин лæджы.

**8** Бениамины хистæр фырт — Бела, дык-
каг — Ашбел, æртыккаг — Ахрах, 2цыппæ-
рæм — Ноха, фæндзæм та — Рафа. 3Белайы
фырттæ: Аддар, Гера, Авигуд, 4Авишуагъ,
Нааман, Ахоах, 5Гера, Шефуфан, Хурам.

6Мæнæ Ехуды фырттæ, Гевæйы чи царди,
фæстæдæр та Манахатмæ хаст чи æрцыд,
уыцы мыггæгты хистæртæ: 7Нааман, Ахийа
æмæ, Манахатмæ сæ чи акодта, уыцы Гера;
амæй райгуырдысты Узза æмæ Ахихуд.

8-9Моавы быдыры цæргæйæ, Шахараимæн
сæнтысти цот. Йе ’ртыккаг ус Ходешæй йын
(уымæй размæ арвыста йæ фыццаг дыууæ
усы — Хушим æмæ Баарайы) райгуырдысты
Йовав, Циви, Меша, Малкам, 10Йеуц, Сахиа
æмæ Мирма. Адон сты йæ фырттæ, мыггæг-
ты хистæртæ.

11Хушимæй Шахараимæн райгуырдысты
Авитув æмæ Елпаал. 12Елпаалы фырттæ:
Евер, Мишам æмæ Шемед. Шемед сарæзта
Оно æмæ Лод йæ алыварс хъæутимæ.

13Бриа, Елпаал æмæ Шемæ уыдысты Айа-
лоны цæрæг мыггæгты хистæртæ. Адон ра-
тардтой Гаты цæрджыты. 14Ахйо, Шашак
æмæ Йеремот, 15Зевадиа, Арад, Едер, 16Ми-
хаел, Ишпа, Йоха — Бриайы фырттæ.

17Зевадиа, Мешуллам, Хизки, Хевер, 18Иш-
мерай, Изли, Йовав — Елпаалы фырттæ.

19Йаким, Зихри, Завди, 20Елиенай, Цилле-
тай, Елиел, 21Адайа, Берайа, Шимрат — Ши-
мийы фырттæ.

22Ишпан, Евер, Елиел, 23Авдон, Зихри, Ха-
нан, 24Хананиа, Елам, Антотийа, 25Ифдейа,
Пенуел — Шашакы фырттæ.

26Шамшерай, Шехари, Атали, 27Йареши,
Илийа, Зихри — Йерохамы фырттæ.

28Адон уыдысты сæ мыггæгты хистæртæ
æмæ цардысты Йерусалимы.

29Гивоны царди Йеиел, Гивоны сахарæн
йæ бындурæвæрæг; йæ усы ном — Мааха.
30Йæ хистæр фырт — Авдон, уый дæле — Цур,
Киш, Баал, Нер, Надав, 31Гедор, Ахйо, Зе-
хер, Миклот. 32Миклотæй райгуырди Шема.
Адон дæр се ’рвад-æфсымæртимæ цардысты
Йерусалимы.

33Нерæй райгуырди Киш; Кишæй райгу-
ырди Саул; Саулæй райгуырдысты Ионатан,
Малкишуа, Авинадав æмæ Ешбаал. 34Иона-
таны фырт — Мерив-Баал; Мерив-Баалæй
райгуырди Миха. 35Михайы фырттæ: Пи-
тон, Мелех, Тареа, Ахаз. 36Ахазæй райгуырд
Йохада; Йохадайæ райгуырдысты Алемет,
Азмавет æмæ Зимри; Зимрийæ райгуыр-
ди Моца; 37Моцайæ райгуырди Бина; уый
фырт Рафа, уый фырт Еласа, уый фырт Ацел.
38Ацелæн уыдис æхсæз фырты: Азрикам,
Бохру, Измаел, Шеари, Овади, Ханан.

39Ацелы æфсымæр Ешекы фырттæ: йæ хис-
тæр зæнæг — Улам, дыккаг — Йеуш, æртык-
каг — Елифелет. 40Уламы фырттæ уыдысты
æхсарджын хæстонтæ, дæсны фатæхсджытæ.
Сæ цот æмæ сæ цоты цот уыдысты дæс æмæ
авдыссæдз. Адон се ’ппæт дæр сты Бениа-
мины байзæддæгтæ.

**9** Афтæ хыгъд æрцыдысты Израилы æппæт
хæдзарвæндæгтæ æмæ мыггæгтæ, фыст сты
Израилы паддзæхты чиныджы.

Хуыцауыл сæ зæрдæ кæй сивтой, уый тых-
хæй иудейæгты уацары атардтой Вавилон-
мæ. 2Уый фæстæ сæ уæзæгмæ, сæ сахар-
тæм, фыццаг чи æрыздæхт, уыдон уыдысты

саудджынтæ, левиттæ, Кувæндоны кусджытæ
æмæ иннæ израилæгтæ. 3Йерусалимы æр-
цæрæг адæм уыдысты Иудæйы, Бениамины,
Ефремы æмæ Менассиайы байзæддæгтæй.

4Иудæйы фырт Парецы байзæддæгтæй
æрыздæхти Утай. Йæ фыдæлтæ кæстæрæй
хистæрмæ: Аммиуд, Омри, Имри, Бани. 5Иу-
дæйы фырт Шелайы байзæддæгтæй æрыз-
дæхтысты йæ хистæр зæнæг Асайа æмæ йæ
фырттæ. 6Иудæйы фырт Зарахы байзæддæг-
тæй æрыздæхти Йеуел. Се ’рвад-æфсымæр-
тимæ уыдысты æхсæзсæдæ нæуæдз лæджы.

7Бениамины байзæддæгтæй æрыздæхти
Саллу. Йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ:
Мешуллам, Ходави, Сенуа. 8Йерохамы фырт
Ивнейа, Михрийы байзæддаг Уззийы фырт
Ела, стæй Мешуллам, йæ фыдæлтæ кæс-
тæрæй хистæрмæ: Шефати, Реуел, Ивнейа.
9Семæ æрыздæхтысты се ’рвадæлтæ дæр,
иннæ мыггæгты адæм, фарастсæдæ фæн-
дзай æхсæз лæджы. Се ’ппæт дæр уыдысты
мыггæгты хистæртæ.

10Саудджынтæй æрыздæхтысты Иедайа,
Йехорив, Йахин, 11Азариа, Хуыцауы хæдзары
хицау, йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ:
Хилкиа, Мешуллам, Цадок, Мерайот, Ахитув;
12Адайа, йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ:
Йерохам, Пашхур, Малкиа; ноджы ма Масай,
йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ: Адиел,
Йахзера, Мешуллам, Мешиллемит, Иммер.
13Семæ æрыздæхтысты се ’рвадæлтæ дæр,
мыггæгты хистæртæ, мин авдсæдæ æхсай
лæджы — Хуыцауы хæдзары фæлтæрдджын
лæггадгæнджытæ.

14Левиттæй æрыздæхти Шемайа, Мера-
рийы мыггагæй, йæ фыдæлтæ — кæстæрæй
хистæрмæ — Хашшув, Азрикам, Хашавиа,
15ноджы ма Бакбакар, Хереш, Галал æмæ
Маттаниа, йæ фыдæлтæ — кæстæрæй хис-
тæрмæ — Миха, Зихри, Асаф, 16ноджы ма
Овади, йæ фыдæлтæ — кæстæрæй хистæр-
мæ — Шемайа, Галал, Йедутун, стæй нето-
фæгты хъæуты цæрæг Варахи, Елканайы
байзæддаг Асайы фырт.

17Дуаргæстæй æрыздæхтысты: Шаллум,
Аккув, Талмон, Ахиман æмæ се ’фсымæр-
тæ; Шаллум сын хицау уыд. 18Ныронг дæр
сæ мыггæгтæ хъалагъур хæссынц Паддза-
хы кулдуары цур, Кувæндоны скæсæнварс.
Сæ фыдæлтæ кæддæр уыдысты левитты
рæсæнуæтты хъахъхъæнджытæ. 19Шаллум
(йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ: Коре,
Евиасаф, Корах) йе ’рвадæлтимæ, Корахы
байзæддæгтимæ, хъалагъур лæууыдысты
Цатыры къæсæрыл, кæддæр сæ фыдæлтæ
Дунедарæджы рæсæнуатмæ бацæуæн куыд
хъахъхъæдтой, афтæ. 20Уæд Елеазары фырт
Пинхас уыди сæ хицау. Дунедарæг æй æры-
мысæд! 21Мешелемиайы фырт Захариа уыди
Фембæлды Цатыры дуаргæс. 22Дуаргæстæ
кæй скодтой, уыдон æдæппæт уыдысты дыу-
уæсæдæ дыууадæс. Мыггæгты номхыгъды
фыст æрцыдысты сæ хъæуты. Дуаргæстæй сæ
сæвæрдтой Давид æмæ зонынджын Самуел.
23Сæхæдæг дæр æмæ сæ фырттæ дæр хъала-
гъур хастой Дунедарæджы хæдзары, Уаз Ца-
тыры, дуæртты цур. 24Дуаргæстæ хъалагъур
хастой цыппарæрдыгæй: скæсæнæрдыгæй,
ныгуылæнæрдыгæй, цæгатæрдыгæй æмæ
хуссарæрдыгæй. 25Се ’рвадæлтæ цардысты
хъæуты æмæ-иу сæм къордгай æрбацыдысты
къуырийы æмгъуыдмæ, семæ балæггад кæ-
нынмæ. 26Цыппар сæйраг хъахъхъæнæджы
та æдзух уыдысты сæ бæрнон куысты лæуд.

Адонæн, левиттæн, сæ бæрны уыдысты
Хуыцауы хæдзары хатæнтæ æмæ хæзнатæ.
27Хуыцауы хæдзары алыварс-иу баззадысты
æхсæвæй райсоммæ, уымæн æмæ уыдоны
бæрны уыди хъалагъур хæссыны, стæй алы
райсом дуæрттæ гом кæныны хъуыддаг
дæр. 28Сæ иуты къухы уыдысты аргъауыны
ахсджиаг мигæнæнтæ, нымадæй сæ хастой
мидæмæ дæр æмæ æддемæ дæр. 29Иннæты
къухы уыдысты Кувæндоны иннæ мигæнæн-
тæ, стæй æвзаргæ ссад, сæн, сой, буд æмæ
хæрздæфгæнæнтæ. 30Хæрздæфгæнæнтæ
аразгæ та кодтой саудджынтæ.

31Левиттæй иуæн, Корахы байзæддаг Шал-
лумы хистæр фырт Маттитиайæн, йæ бæрны
уыди кувинаг лауаситæ фыцын. 32Се ’рва-
дæлтæй, Кехаты байзæддæгтæй, кæйдæрты
бæрны уыди, алы сабат дæр-иу Дунедарæ-
джы раз Кувæндоны кæй æрæвæрдæуыд,
уыцы дзултæ фыцын.

33Зарæггæнджытæ, левитты мыггæгты
хистæртæ, цардысты Кувæндоны хатæнты.
Иннæ куыстытæй уыдысты сæрибар, уымæн
æмæ æхсæв дæр æмæ бон дæр æххæст код-
той, сæ бæрны чи уыд, уыцы куыст.

34Адон уыдысты левитты мыггæгты хис-
тæртæ; цардысты Йерусалимы.

35Гивоны царди Йеиел, Гивоны сахарæн йæ
бындурæвæрæг; йæ усы ном — Мааха. 36Йæ
хистæр фырт — Авдон, уый дæле Цур, Киш,
Баал, Нер, Надав, 37Гедор, Ахйо, Захариа,
Миклот. 38Миклотæй райгуырди Шимам.
Адон дæр се ’рвад-æфсымæртимæ цардыс-
ты Йерусалимы.

39Нерæй райгуырди Киш; Кишæй райгу-
ырди Саул; Саулæй райгуырдысты Ионатан,

Малкишуа, Авинадав æмæ Ешбаал. 40Иона-
таны фырт — Мерив-Баал; Мерив-Баалæй
райгуырди Миха. 41Михайы фырттæ: Питон,
Мелех, Тахреа, Ахаз. 42Ахазæй райгуырд
Йара; Йарайæ райгуырдысты Алемет, Аз-
мавет æмæ Зимри; Зимрийæ райгуырди
Моца; 43Моцайæ райгуырди Бина; уый фырт
Рефайа, уый фырт Еласа, уый фырт Ацел.
44Ацелæн уыд æхсæз фырты: Азрикам, Бохру,
Измаел, Шеари, Овади, Ханан.

**10** Филистимæгтæ схæцыдысты израилæг-
тимæ, æмæ Израилы хæцæг адæм лидзæг
фесты. Бирæтæ дзы цæфтæй баззадысты
Гилбоайы хохы фæхстыл. 2Филистимæгтæ
фæсте асырдтой Саул æмæ йæ фыртты æмæ
амардтой Ионатан, Авинадав æмæ Малки-
шуайы, Саулы фыртты. 3Саулы ныхмæ тох
стынг ис. Фатæхсджытæ йæм баввахс сты
æмæ йæ уæззау цæфтæ фæкодтой. 4Саул
йæ хотыхдарæн загъта: «Дæ кард слас æмæ
мæ амар, науæд ныртæккæ ацы æнæсунæт-
тæ ам æрбалæудзысты æмæ мын мæ удæй
фæхъаздзысты». Фæлæ хотыхдарæн йæ уд
ауад æмæ йæ коммæ нæ бакаст. Уæд Саул йæ
карды фистон зæхмæ фæбыцæу кодта æмæ
йын йæ фындзыл æрхауд. 5Йæ хотыхдар æй
мардæй куы ауыдта, уæд уый дæр йæ карды
фындзыл ныппæрста йæхи æмæ амард. 6Гъе
афтæ фæмард сты Саул æмæ йе 'ртæ фырты;
йæ хæдзар æгасæй дæр бабын.
7Израелы дæлвæзы цæрæг израилæгтæ
куы федтой, Израилы æфсад дæрæнгонд æр-
цыди, Саул æмæ йæ фырттæ та фæмард сты,
уый, уæд сæ сахартæй фæлидзæг сты. Фи-
листимæгтæ бацыдысты æмæ сæ бацахстой.
8Дыккаг бон филистимæгтæ фæзындысты
мæрдты стигъынмæ æмæ Гилбоайы хохыл
мардæй ссардтой Саул æмæ йæ фыртты. 9Са-
улæн йæ хотыхтæ, йæ гæрзтæ раппæрстой,
йæ сæр ын ракодтой æмæ сæ филистимæг-
ты зæххы иу кæронæй иннæмæ фæластой,
уæлахизы уац сæ гуымирытæн æмæ æппæт
адæмæн хъусын кæнгæйæ. 10Саулы хотых-
тæ сæ хуыцæутты кувæндоны бавæрдтой,
йæ сæр та йын Дагоны кувæндоны сисыл
æрцауыгътой.
11Галаады сахар Иавешы цæрджытæ фе-
хъуыстой, филистимæгтæ Саулæн цы æбу-
алгъ митæ бакодтой, уый, 12æмæ се 'хсар-
джынтæ æмхуызонæй фæдисы ацыдысты
æмæ Саул æмæ йæ фыртты мæрдтæ Иавеш-
мæ æрбахастой. Се стджытæ сын Иавешмæ
æввахс тулдз бæласы бын баныгæдтой. Уый
фæстæ авд боны дæргъы ком фæдардтой.
13Афтæ фæмард ис Саул, Дунедарæгыл
иузæрдион кæй нæ разынд, уый тыххæй.
Йæ дзырдмæ Йын нæ байхъуыста, суанг ма
бафарста мæрдтæмсидæджы дæр, 14Дуне-
дарæджы бафæрсыны бæсты. Уымæ гæсгæ
йæ Уый амардта æмæ паддзахдзинад радта
Йессейы фырт Давидæн.

**11** Израилы адæм иууылдæр æрæмбырд
сты Давидмæ Хевроны æмæ йын загътой:
«Дæ туг, де стæг стæм мах. 2Амæй размæ
дæр, Саул паддзахиуæг куы кодта, уæд ды
лæууыдтæ Израилы æфсады сæргъы. Æмæ
дын Дунедарæг, дæ Хуыцау, загъта: „Ды
хъахъхъæндзынæ Мæ адæмы, Израилы, ды
уыдзынæ сæ фæтæг“». 3Израилы хистæртæ
æмхуызонæй паддзахмæ Хевронмæ æрцы-
дысты. Уым, Дунедарæджы раз, паддзах Да-
вид семæ фидыд сарæзта, æмæ йæ Израилæн
паддзахæй байсæрстой. Афтæ сæххæст ис,
Дунедарæг Самуелы дзыхы кæй бавæрдта,
уыцы ныхас.
4Давид æппæт израилæгтимæ ахæцы-
ди Йерусалиммæ (ома Йевусмæ). Уæд уым
йевусæгтæ цардысты. 5Йевусы цæрджытæ
Давидæн загътой: «Нæ дын бантысдзæн
ардæм æрбацæуын». Фæлæ Давид басаста
Сионы фидар, æмæ уый ныр Давиды сахар
у. 6Давид загъта: «Йевусæгтæм раздæр чи
бабырса, уый уыдзæн æфсады хицау». Фыц-
цаджыдæр сахармæ балæбурдта Церуайы
фырт Йоав æмæ сси æфсады хицау.
7Давид æрцарди фидары, æмæ уымæ гæс-
гæ уыцы фидар схуыдтой Давиды сахар.
8Давид ын, Миллойæ райдай æмæ дарддæр,
йæ алыварс сарæзта бæстыхæйттæ, Йоав та
рацарæзта сахары иннæ хай. 9Давиды хъо-
мыс кодта фылдæрæй-фылдæр — Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг, уыди йемæ.
10Мæнæ, Давид Дунедарæджы фæндонæй
Израилы паддзах цæмæй суа, уый тыххæй
Израилы адæмимæ йæ фарс чи рахæцыд,
йæ уыцы æхсарджынты хистæртæ. 11Мæнæ
Давиды æхсарджынтæ номхуындæй: Йашо-
вам, Хахмонийы фырт, æртын æхсарджыны
хистæр. Йæ арцы бырынкъæй æртæсæдæ
знаджы ныццагъта. 12Уый дæле — Елеазар,
Додойы фырт, Ахохийы байзæддаг, 13Дави-
димæ Пас-Даммимы, филистимæгтæ уыр-
дæм хæцынмæ куы æрæмбырд сты, уæд цы
æртæ хæстоны уыди, уыдонæй иу. Уыцы
ран уыди хъæбæрхоры зад хуым. Израи-
лæгтæ лидзæг куы фесты филистимæгты
разæй, 14уæд Елеазар æмæ йе 'мбæлттæ
хуымы астæу æрлæууыдысты æмæ хуым

дæр бахъахъхъæдтой, филистимæгты дæр ныццагътой — Дунедарæг Израилæн стыр уæлахиз радта.

15Дæс æмæ ссæдз фæтæгæй æртæ Адулламы лæгæтмæ Давидмæ ныццыдысты къæдзæхрæбынмæ. Уæд филистимæгты рæсæнуат Рефаимты дæлвæзы уыд. 16Давид фидары уыди, филистимæгты иу къорд та — Вифлеемы раз. 17Давид дойныйæ марди æмæ загъта: «Тæхуды, Вифлеемы кулдуары цур цы цъай ис, уырдыгæй мын исчи дон куы æрбадавид!» 18Æртæ æхсарджыны филистимæгты рæсæнуатмæ бабырстой, Вифлеемы кулдуары цур цъайæ дон систой æмæ йæ Давидæн æрхастой. Фæлæ дзы йæ зæрдæ нæ бакуымдта бануазын, Дунедарæджы кадæн æй акалдта 19æмæ загъта: «Уымæй мæ бахизæд Хуыцау! Нæ бануаздзынæн! Сæ удтæ сæ армы даргæйæ чи ацыд, уыдоны туг куы у ай!» Æмæ дзы нæ бакуымдта нуазын. Гъе ахæм лæгдзинад равдыстой уыцы æртæ хæстоны.

20Йоавы æфсымæр Авишай уыди хæстон къорды хистæр. Йæ арцы бырынкъæй знаджы адæмæй æртæсæдæ ныццагъта, æмæ йын æфсады æхсæн уыди стыр кад. 21Се ’ппæтæй номдзыддæр уыд æмæ сын разамынд лæвæрдта, фæлæ, æфсадæн цы æртæ уæлдæр разамонæджы уыди, уый уыдонмæ нæ хаудис.

22Кавцеелы сахайраг Йеходайы фырт бæгъатыр Бенайа зындгонд у йæ бирæ хъуыддæгтæй. Уый амардта моаваг дыууæ домбай хæстоны. Иуахæмы та, мит уарыд, афтæмæй къардиумæ ныххызти дон схæссынмæ, домбайыл дзы бамбæлдис æмæ йæ уыцы ран æрбамардта. 23Мæрдтæм барвыста фондз æлмæрины бæрзæндæн уæйыгæнгæс мысыраджы дæр. Мысыраджы къухы уыди тынуафæн хъилы йас арц, Бенайа та йæ ныхмæ лæдзæгимæ рацыди, йæ арц ын йæ къухæй стыдта æмæ йæ йæхи арцæй амардта. 24Ахæм сгуыхт лæг уыд Йеходайы фырт Бенайа. Æфсады æхсæн ын стыр кад уыди. 25Хæстонтæн сæ номдзыддæртæй уыди, фæлæ, æфсадæн цы æртæ уæлдæр разамонæджы уыд, уыдонмæ нæ хаудис. Давид æй йæ хъахъхъæнджыты сæргъы сæвæрдта.

26Бæгъатыр хæстонтыл нымад уыдысты: Йоавы æфсымæр Асаел; Додойы фырт Елханан, вифлеемаг; 27ародаг Шаммот; пелетаг Хелец; 28Икешы фырт Ира, текоайаг; анатотаг Авиезер; 29хушайаг Сибехай; Илай, Ахохийы мыггагæй; 30нетофаг Махрай; Баанайы фырт Хелед, нетофаг; 31Ривайы фырт Итай, Бениамины Гевæйæ; пиратонаг Бенайа; 32Хура, Нахале-Гаашæй; арватаг Авиел; 33бахарумаг Азмавет; шаалвонаг Елйахба; 34гизониаг Хашемы фырттæ, Гунийы мыггагæй; Шагейы фырт Йонатан, харараг; 35Сахары фырт Ахиам, харараг; Уры фырт Елифал; 36мехератаг Хефер; пелонитаг Ахиа; 37кармелаг Хецро; Езбайы фырт Наарай; 38Натаны æфсымæр Иоел; Хагрийы фырт Мивхар; 39аммонаг Целек; беероотаг Нахрай, Церуайы фырт Йоавы хотыхдар; 40итриаг Ира; итраг Гарев; 41хеттаг Уриа; Ахлайы фырт Завад; 42Шизайы фырт Адина, Рувимы хæдзарвæндагæй, сæ мыггаджы хистæр, йæ дæлбар уыдысты дæс æмæ ссæдз лæджы; 43Маахайы фырт Ханан; метенаг Йошафат; 44аштеротаг Узийа; ароераг Хотамы фырттæ — Шама æмæ Йеиел; 45Шимрийы фырт Йедиаел æмæ йе ’фсымæр Йоха, тицæгтæ; 46махавимаг Елиел; Елнаамы фырттæ Йерива æмæ Йошави; моаваг Итма; 47мецовайæгтæ Елиел, Овед æмæ Йасиел.

**12** Ацы æхсарджынтæ Давидмæ æрцыдысты Циклагмæ, уый ма Кишы фырт Саулæй йæхи куы ’мбæхста, уæд. Хæсты заман-иу æрбалæууыдысты йæ фарсмæ — 2сæ рахиз æмæ сæ галиу къухтæй дурадзагъд самадтой, фæттæ æхстой æрдынтæй.

Уыдон уыдысты Саулы æрвадæлтæй, Бениамины хæдзарвæндагæй: 3сæ хистæр — Ахиезер, стæй Йоаш, гевæйаг Шемайы фырттæ; Йезиел æмæ Пелет, Азмаветы фырттæ; Бераха, анатотаг Йегу; 4гивонаг Ишмайа, дæс æмæ ссæдз æхсарджынæй иу, сæ хистæр; Йеремиа, Йахазиел, Йоханан, гедерайаг Йозавад, 5Елузай, Йеримот, Беалиа, Шемариа, харуфаг Шефати; 6Елкана, Ишшиа, Азарел, Иоезер æмæ Йашовам — Корахы мыггагæй; 7гедораг Йерохамы фырттæ Иоела æмæ Зевадиа.

8Гады хæдзарвæндагæй Давидимæ æдзæрæг быдыры фидары баиу сты æхсарджын, тохвæлтæрд хæстонтæ, арц æмæ уартæй ифтонг, домбæйттау — сæ бакаст, сычъитау хæхтыл уадысты цæрдæг. 9Сæ хистæр — Езер, дыккаг — Овади, æртыккаг — Елиав, 10цыппæрæм — Мишманна, фæндзæм — Йеремиа, 11æхсæзæм — Аттай, æвдæм — Елиел, 12æстæм — Йоханан, фарæстæм — Елзавад, 13дæсæм — Йеремиа, иуæндæсæм — Махбанай. 14Адон — Гады байзæддæгтæ — уыдысты æфсады хицæуттæ. Сæ лæмæгъдæр-иу сыстади сæдæйы ныхмæ, сæ тыхджындæр та — мины ныхмæ. 15Уыдон сты, афæдзы фыццаг

мæй, Иорданы раивылды афон, донæн йæ
фаллаг фарсмæ чи бахызти, уыдон. Уæд
донивылды тасæй алыгъдысты, Иорданæй
скæсæнæрдæм æмæ ныгуылæнæрдæм дæл-
вæзты чидæриддæр царди, уыдон.
16Бениамины æмæ Иудæйы байзæддæг-
тæй Давиды фидармæ æрцыдис иу къорд
лæджы. 17Давид сæ размæ рацыд æмæ сын
загъта: «Кæд мæм фарнимæ æрбацыдыс-
тут, баххуыс кæнынмæ, уæд уын мæнæ мæ
Хуыцауы къух. Кæд æмæ мæ, æназым дæн,
афтæмæй ме знæгтæн банымудзинаг стут,
уæд та нæ фыдæлты Хуыцау æркæсæд æмæ
уын тæрхонгæнæг фæуæд!» 18Уæд Хуыцауы
Уд æртыхсти, фæстæдæр дæс æмæ ссæдз æх-
сарджыны хистæр чи сси, уыцы Амасайыл,
æмæ уый загъта:

«Мах дæу стæм, Давид!
Мах демæ стæм, Йессейы фырт!
Фарн дæм бадзурæд,
фарн бадзурæд
де 'ххуысгæнджытæм, —
ауды дыл дæ Хуыцау».

Давидæн йæ зæрдæмæ фæцыдысты æмæ
сæ йе 'фсадæн хицæуттæй баурæдта.
19Менассиайы хæдзарвæндагæй дæр Дави-
димæ баиу ис иу къорд, уый филистимæгтимæ
Саулы ныхмæ схæцынмæ куы цыди, уæд.
Æцæг сын нæ баххуыс кодта, уымæн æмæ фи-
листимаг æлдæрттæ ауынаффæ кодтой æмæ
йæ фæстæмæ раздæхтой. Загътой: «Йæ хицау
Саулы фарс фæуыдзæн æмæ нæ ныхмæ ра-
цæудзæн». 20Давид Циклагмæ куы здæхт, уæд
Менассиайы хæдзарвæндагæй йемæ баиу сты
Аднах, Йозавад, Йедиаел, Михаел, Йозавад,
Елигу æмæ Циллетай — Менассиайы хæдзар-
вæндаджы миныхицæуттæ. 21Уыдон Давиды
фарс хæцыдысты абырджыты ныхмæ, уымæн
æмæ се 'ппæт дæр уыдысты æхсарджын хæс-
тонтæ. Фæстæдæр систы æфсады хицæуттæ.
22Гъе афтæ æрвылбон дæр цыдысты Дави-
ды фарс рахæцынмæ, æмæ йе 'фсад сбирæ
ис, растдæр Хуыцауы æфсадау.
23Мæнæ, Давидмæ Хевроны сахармæ цы
хæстифтонг къордтæ æрцыд, уыдоны хыгъд.
Æрцыдысты йæм, цæмæй йæ Саулы бæсты
сæвæрой паддзахæй, Дунедарæг куыд ба-
фæдзæхста, афтæ.
24Иудæйы хæдзарвæндагæй йæм уарт æмæ
арцифтонгæй æрцыд æхсæз мин астсæдæ
хæстоны.
25Симеоны хæдзарвæндагæй — авд мин
сæдæ æхсарджын хæстоны.
26Левийы хæдзарвæндагæй — цыппар мин
æхсæзсæдæ лæджы. 27Аароны мыггаджы
хистæр Йехода йæм æрцыд æртæ мин авд-
сæдæ лæгимæ. 28Æхсарджын хæстон лæппу
Цадок æм æрцыд йæ мыггагæй дыууын
дыууæ хицауимæ.
29Бениамины хæдзарвæндагæй, Саулы
æрвадæлтæй, æрцыд æртæ мины. Уæды онг
адонæн сæ фылдæр Саулы хæдзары фарс-
хæцджытæ уыдысты.
30Ефремы хæдзарвæндагæй æрцыди ссæдз
мин астсæдæ æхсарджын хæстоны, сæ мыг-
гæгты номдзыд лæгтæ.
31Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбисæй
æрцыди æстдæс мины. Уыдонæн фæдзæхст
уыди, цæмæй Давидмæ ацæуой æмæ йæ
паддзахæй сæвæрой.
32Иссахары хæдзарвæндагæй æрцыди дыу-
уæсæдæ хистæры. Уыдон зыдтой, Израилы
адæмы кæд цы кæнын хъуыди, уыдæттæ.
Семæ-иу сразы сты се 'ппæт æрвадæлтæ дæр.
33Зевулоны хæдзарвæндагæй æрцыди
фæндзай мин хæстхъом лæджы — алы хо-
тыхтæй ифтонг; уыдон уыдысты Давиды
иузæрдион фарсхæцджытæ.
34Неффалимы хæдзарвæндагæй æрцыди
мин хицауы, семæ æртын авд мин лæджы
уартытæ æмæ æрцытимæ.
35Даны хæдзарвæндагæй æрцыд дыууын
аст мин æхсæзсæдæ хæстифтонг лæджы.
36Асиры хæдзарвæндагæй æрцыди цыппор
мин хæстхъом лæджы.
37Иорданы фале цæрджытæй — Рувим æмæ
Гады хæдзарвæндæгтæй, стæй Менассиайы
хæдзарвæндаджы æмбисæй æрцыд сæдæ
дыууын мин лæджы, алы хотыхтæй ифтонг.
38Ацы æфсæддонтæ се 'ппæт дæр хæст-
ифтонгæй æрцыдысты Хевронмæ, Давиды
æппæт Израилæн паддзахæй сæвæрыны
фæндимæ. Уымæ æмзæрдæйæ бæллыдыс-
ты иннæ израилæгтæ дæр. 39Уым Давидмæ
фесты æртæ боны. Хæрд æмæ нозтхъуаг нæ
баййæфтой, уымæн æмæ сын се 'рвадæлтæ
алцыдæр æрцæттæ кодтой. 40Иннæ рæттæй
дæр — хæстæг рæттæй райдай æмæ Иссаха-
ры, Зевулоны æмæ Неффалимы зæххытæй
фæу — хæрджытыл, теуатыл, хæргæфсытыл
æмæ галтыл ластой хойраг: ссад, легъуийы
цъæрттæ, чисмисы цъæрттæ, сæн æмæ сой,
тардтой бирæ стурвос æмæ лыстæг фос, уы-
мæн æмæ Израилы адæмыл цин æрцыд.

**13** Давид уынаффæ кодта миныхицæут-
тимæ, сæдæйыхицæуттимæ æмæ æппæт
иннæ раздзæуджытимæ. 2Израилы адæмы

æмбырдæн загъта: «Кæд разы стут æмæ Ду-
недарæгæн, нæ Хуыцауæн, фæндон у, уæд ар-
дæм æрсидæм, Израилы алы рæтты нын чи
баззад, уыцы æфсымæртæм, уыдонимæ сæ
сахарты æмæ сæ уæтæрты цæрæг сауджынтæ
æмæ левиттæм дæр, 3æмæ нæхимæ рахæс-
сæм нæ Хуыцауы Фидыды Чырын, уымæн
æмæ йыл Саулы заман нæ сагъæс кодтам».
4Æмбырды адæм сразы сты Давидимæ, се
’ппæтмæ дæр раст фæкаст йæ фæндон.
5Афтæмæй, Кирйат-Иаримæй Хуыцауы
Фидыды Чырын æрбахæссыны охыл Да-
вид æрæмбырд кодта æппæт израилæгты
дæр — Мысыры арæныл Шихоры цæугæ-
донæй райдайгæйæ Ливаны дæлвæзмæ цæ-
гатæрдыгæй, Хаматы сахарæй, бахизæны
онг чидæриддæр царди, уыдоны. 6Давид
æппæт израилæгтимæ ацыд иудейаг сахар
Бааламæ (ома Кирйат-Иариммæ), цæмæй
уырдыгæй æрбахæссой Хуыцауы Фидыды
Чырын, херувимтыл Æнцайæг Дунедарæ-
джы ном хæссæг Чырын. 7Хуыцауы Фидыды
Чырын ног уæрдоны раластой Авинадавы
хæдзарæй. Уæрдон Узза æмæ Ахйойы бар
бакодтой. 8Давид æмæ æппæт израилæгтæ
та Хуыцауы раз фыр цинæй кафыдысты,
зарыдысты æмæ цагътой хъисфæндыртæй,
дыууадæстæнонтæ, далатæ, æмдзæгъдгæ-
нæнтæ æмæ хæтæлтæй. 9Кидоны мусы цур-
мæ куыд бахæццæ сты, афтæ ифтыгъд галтæ
уæрдон фæкъул кодтой, æмæ Узза Фидыды
Чырынмæ къухæй февнæлдта, ма рахауа,
зæгъгæ. 10Фидыды Чырынмæ къухæй кæй
февнæлдта, уый тыххæй Дунедарæг смæсты
ис Уззамæ æмæ йæ æрцавта. Узза уыцы ран,
Хуыцауы раз, мардæй æрхауди. 11Давидæн
стыр маст уыди, Дунедарæг Уззайы кæй
æрцавта, уый, æмæ уыцы бынат Перец-Узза
рахуыдта. Абон дæр æй афтæ хонынц.
12Уыцы бон Давид тынг фæтарсти Хуыца-
уæй æмæ загъта: «Цы ныфсæй ма бахæссон
Хуыцауы Фидыды Чырын мæхимæ?» 13Давид
Фидыды Чырын Давиды сахармæ нал аласта,
гатаг Овед-Едомы хæдзармæ йæ арвыста.
14Хуыцауы Фидыды Чырын Овед-Едомы хæ-
дзары фæци æртæ мæйы, æмæ Дунедарæгæй
арфæгонд фесты йæ хæдзаронтæ дæр æмæ
йе ’ппæт исбон дæр.

**14** Тиры паддзах Хирам Давидмæ йæ ми-
нæвæрттты æрбарвыста, семæ — кедр хъæ-
дæрмæг, нoджы — дурамайджытæ æмæ
хъæддæснытæ, цæмæй йын галуан саразой.
2Давид бамбæрста, Израилæн æй паддза-
хæй Дунедарæг кæй сæвæрдта æмæ йын йæ
паддзахад Израилы, Йæ адæмы, сæраппонд
кæй скадджын кодта.
3Давид ма Йерусалимы дæр устытæ скодта,
æмæ ма йын уыдонæй дæр рацыди фырттæ
æмæ чызджытæ. 4Мæнæ, Йерусалимы йын
чи райгуырд, уыдоны нæмттæ: Шаммуа,
Шовав, Натан, Соломон, 5Ивхар, Елишуа,
Елпелет, 6Ногах, Нефег, Йафиа, 7Елишама,
Беелйада, Елифелет.
8Филистимæгтæ фехъуыстой, Давиды æп-
пæт Израилæн паддзахæй кæй байсæрстой,
уый æмæ æмхуызонæй йæ агурæг фæраст
сты, æрцахсæм æй, зæгъгæ. Давид уый куы
базыдта, уæд сæ размæ рацыд. 9Уалынмæ
филистимæгтæ æрбабырстой Рефаимы дæл-
вæзмæ. 10Давид Хуыцауы бафарста: «Фи-
листимæгты ныхмæ цæуон æви нæ? Мæ
къухмæ сæ ратдзынæ?» Дунедарæг ын загъта:
«Цу, ратдзынæн сæ дæ къухмæ». 11Давид
ссыди Баал-Перациммæ æмæ сæ уым ныд-
дæрæн кодта. Загъта: «Дон йæ ауæзт куыд
атоны, афтæ мын мæ къухæй ме знæгты
æнгом рæнхъытæ батыдта Хуыцау». Уымæ
гæсгæ ацы бынат схуыдтой Баал-Перацим.
12Филистимæгтæн сæ хуыцæуттæ уым дзæ-
гъæлæй баззадысты, æмæ сæ Давид арты
басудзын кодта.
13Филистимæгтæ та ногæй Рефаимы дæл-
вæзмæ бабырстой. 14Давид та Хуыцауы ба-
фарста, æмæ йын Уый дзуапп радта: «Сæ
ныхмæ ма ссу, фæлæ сæ иувæрсты æрзил
æмæ тута бæлæсты къохы ’рдыгæй сæ чъыл-
дыммæ баздæх. 15Æмæ дæм, цыма, тута бæ-
лæсты цъуппытæй къахуынæр хъуысы, афтæ
куы фæкæса, уæд-иу райдай хæцын — уый
Хуыцау рацыди дæ разæй филистимæгты
æфсад цæгъдынмæ». 16Давид сæххæст кодта
Хуыцауы фæдзæхст æмæ филистимæгты
дæрæн кодта Гивонæй суанг Гезеры онг.
17Æмæ айхъуысти Давиды ном æппæт бæс-
тæтыл, Дунедарæджы фæндонæй дзы стъæл-
фын байдыдтой æппæт адæмтæ иууылдæр.

**15** Давид йæ сахары йæхицæн саразын
кодта хæдзæрттæ, Хуыцауы Фидыды Чыры-
нæн равзæрста бынат æмæ йын ныссагъта
цатыр. 2Стæй Давид загъта: «Æрмæстдæр
левиттæн ис Хуыцауы Фидыды Чырын хæс-
сыны бар, уымæн æмæ Дунедарæг уыдоны
равзæрста Фидыды Чырын хæссынæн æмæ
Дунедарæгæн мыггагмæ лæггад кæнынæн».
3Давид æппæт Израилы адæммæ дæр фæ-
сидт Йерусалиммæ, цæмæй Дунедарæджы

**14:11** Кæс 2 Пад. 5:20.

Фидыды Чырын æрбахæссой, цы бынат ын
равзæрста, уырдæм. 4Фæдзырдта Аароны
байзæддæгтæм æмæ левиттæм: 5Кехаты
мыггаджы раздзог Уриел æмæ йе 'рвадæл-
тæм — æхсæзыссæдз лæгмæ; 6Мерарийы
мыггаджы раздзог Асайа æмæ йе 'рвадæл-
тæм — дыууæсæдæ дыууын лæгмæ; 7Гер-
шоны мыггаджы раздзог Иоел æмæ йе 'рва-
дæлтæм — дæс æмæ æхсæзыссæдз лæгмæ;
8Елицафаны мыггаджы раздзог Шемайа
æмæ йе 'рвадæлтæм — дыууæсæдæ лæгмæ;
9Хевроны мыггаджы раздзог Елиел æмæ йе
'рвадæлтæм — цыппарыссæдз лæгмæ; 10Уз-
зиелы мыггаджы раздзог Аминадав æмæ йе
'рвадæлтæм — дыууадæс æмæ фондзыссæдз
лæгмæ.

11Давид фæдзырдта сауджынтæ Цадок
æмæ Авиафармæ, левиттæй — Уриел, Аса-
йа, Иоел, Шемайа, Елиел æмæ Аминадавмæ
12æмæ сын загъта: «Левитты мыггæгты хис-
тæртæ! Уæхи ссыгъдæг кæнут, уæхæдæг дæр
æмæ уе 'фсымæртæ дæр, æмæ Дунедарæджы,
Израилы Хуыцауы, Фидыды Чырын æрба-
хæссут, цы бынат ын равзæрстон, уырдæм.
13Амæй размæ Фидыды Чырын хæсджытæ
сымахæй кæй нæ уыдысты, куыд æмбæ-
лы, афтæ æнувыд ыл кæй нæ уыдыстæм,
уый тыххæй нæ бафхæрдта Дунедарæг, нæ
Хуыцау». 14Уæд сауджынтæ æмæ левиттæ
ссыгъдæг кодтой сæхи, цæмæй æрбахæссой
Дунедарæджы, Израилы Хуыцауы, Фидыды
Чырын. 15Æмæ, Дунедарæджы дзырдмæ гæс-
гæ кæддæр Моисей куыд фæдзæхста, афтæ
левиттæ Хуыцауы Фидыды Чырын хъилтыл
æвæрдæй се уæхсчытыл рахастой.

16Давид левитты хистæртæн бафæдзæхс-
та, цæмæй зарæггæнджытæ сæвæрой се
'рвадæлтæй, уа сæм алы цæгъдæнтæ: дыу-
уадæстæнонтæ, хъисфæндыртæ, æмдзæгъд-
гæнæнтæ, æмæ дардыл азæлой цины зар-
джытæ. 17Левиттæ сæвæрдтой Иоелы фырт
Хеманы æмæ уый æрвад Асафы, Варахийы
фырты; адонæн се 'рвадæлтæй та, Мерарийы
байзæддæгтæй — Кушаиайы фырт Етаны.
18Уыдонимæ — сæ иннæ æрвадæлты, левит-
ты куысты дæлдæр къæпхæныл чи лæууыд,
уыдон: Захариа, Йаазиел, Шемирамот, Йехи-
ел, Унни, Елиав, Бенайа, Маасеа, Маттитиа,
Елифле, Микнеа, Овед-Едом æмæ Йеиелы.
19Зарæггæнджытæ Хеман, Асаф æмæ Етан
цагътой æрхуы æмдзæгъдгæнæнтæй; 20За-
хариа, Азиел, Шемирамот, Йехиел, Унни,
Елиав, Маасеа æмæ Бенайа — дыууадæстæ-
нонтæй, цъæхснаг хъæлæсæй; 21Маттитиа,
Елифле, Микнеа, Овед-Едом, Йеиел æмæ
Азазиа та цагътой хъисфæндыртæй, бæз-
джын хъæлæсæй. 22Зарæг амыдта левитты
зарæггæнджыты разамонæг Кенаниа, уы-
мæн æмæ уыцы курдиатæй хайджын уыд.
23Варахи æмæ Елкана Фидыды Чырынæн
хъахъхъæнджытæ уыдысты. 24Сауджынтæ
Шеваниа, Иосафат, Нетанел, Амасай, Захариа,
Бенайа æмæ Елиезер, Хуыцауы Фидыды Чы-
рыны разæй цæугæйæ, цагътой хæтæлтæй.
Овед-Едом æмæ Йехиа дæр хъахъхъæнджы-
тæ уыдысты Фидыды Чырынæн.

25Давид, Израилы хистæртæ æмæ ми-
ныхицæуттæ ацыдысты æмæ Овед-Едомы
хæдзарæй Дунедарæджы Фидыды Чырын
æрбахастой. 26Хуыцау баххуыс кодта, Ду-
недарæджы Фидыды Чырын чи хаста, уыцы
левиттæн, æмæ Йын авд галы æмæ авд фыры
нывондæн æрхастой.

27Давидæн йæ уæлæ уыди пæлæз, лыстæг
гæнæй уафт хъуымацæй; ахæм пæлæзтæ
уыди Фидыды Чырын хæссæг левиттæн се
'ппæтыл дæр, стæй ма зарæггæнджытæ æмæ
сæ разамонæг Кенаниайыл. Давидыл ма но-
джы уыди гæн хъуымацæй ефод дæр. 28Афтæ,
цины хъæртæ, сыкъауадындзтæ, хæтæлтæ,
дыууадæстæнонтæ æмæ хъисфæндырты
цагъд æмæ æмдзæгъдгæнæнты къæрцц-
къæрццимæ, æрбахастой Дунедарæджы
Фидыды Чырын æгас Израил.

29Дунедарæджы Фидыды Чырын Давиды
сахары къæсæрæй куы бахызти, уæд Саулы
чызг Мелхолæ рудзынгæй ракаст, паддзах
Давиды фыр цинæй гæппытæгæнгæ æмæ
кафгæ федта æмæ йыл йæ мидзæрдæйы
бабылысчъил.

**16** Хуыцауы Фидыды Чырын æрбахастой
æмæ йæ, Давид ын цы цатыр сарæзта, уым
сæвæрдтой. Стæй Хуыцауæн иууылсудзинаг
нывæндтæ æмæ фидыды нывæндтæ æрхас-
той. 2Иууылсудзинаг нывæндтæ куы æрхас-
та, уæд Дунедарæджы номæй Давид адæмæн
арфæ ракодта 3æмæ æппæт израилæгтæн,
алы сылгоймаг æмæ алы нæлгоймагæн дæр,
фæйнæ дзулы æмæ финиктæ æмæ чисмисты
фæйнæ гуылы байуæрста.

4Давид Дунедарæджы Фидыды Чырыны
раз левиттæй баурæдта лæггадгæнджытæ,
цæмæй кувой Дунедарæгмæ, Израилы Ху-
ыцаумæ, кæной Йын арфæ æмæ кад. 5Асаф
уыд сæ хистæр, йæ дæле — Захариа, иннæ-
тæ — Йаазиел, Шемирамот, Йехиел, Матти-
тиа, Елиав, Бенайа, Овед-Едом æмæ Йеиел.
Адон цагътой дыууадæстонтæ æмæ хъис-
фæндыртæй, Асаф — æмдзæгъдгæнæнтæй,

6сауджынтæ Бенайа æмæ Йахазиел та Хуыца-
уы Фидыды Чырыны раз алкæддæр цагътой
хæтæлтæй.
7Уыцы бон Давид фыццаг хатт бафæдзæхс-
та Асаф æмæ йе 'рвадæлтæн Дунедарæджы
кадæн ацы арфæйы зарæг азарын:

8 Сыстаут Дунедарæджы,
арут Ын Йæ ном,
адæмты 'хсæн Ын
хъусын кæнут Йæ хъуыддæгтæ.
9 Зарут Ын, зарджыты Йæ сыстаут,
хъусын Ын кæнут Йæ диссæгтæ.
10 Раппæлут Ын Йæ уаз номæй,
Дунедарæджы чи агуры,
уыдон цинæй райæнт!
11 Агурут Дунедарæджы,
агурут Ын Йæ хъомыс,
кæддæриддæр тырнут Йæ размæ.
12 Ма рох кæнут Йæ диссæгтæ,
Йе 'вдисæйнæгтæ, Йæ тæрхæттæ.
13 Сымах — Израилы байзæддæгтæ,
Йæ цагъартæ,
Йаковы фæдонтæ, Йе 'взæрстытæ!
14 Уый махæн у нæ Дунедарæг Хуыцау,
æгас зæххы тæрхонгæнæг.
15 Мыггагмæ дæр ма рох кæнут
Йæ фидыд,
мин фæлтæрæн кæй бафæдзæхста,
16 Авраамæн ныстуанæн кæй ныууагъта,
Исаакæн сомы кæмæй ракодта.
17 Йæ сомы уагæвæрдау радта Йаковæн,
æнусон фидыдау — Израилæн.
18 Уый загъта:
«Ханааны зæхх уын
фыдæй-фыртмæйы исбонæн
ратдзынæн».
19 Сæ нымæц чысыл куы уыд нырма,
æрцæуæггæтæ куы уыдысты уыцы ран,
20 уæд хæтæнхуагæй
иу бæстæйæ иннæмæ,
иу паддзахадæй иннæмæ цыдысты.
21 Фæлæ сæ Уый никæмæн
уагъта æфхæрын,
паддзæхтæн-иу бардзырд радта:
22 «Ма хъыгдарут Мæ байсæрстыты,
мæ пехуымпартæн æвзæрæй
мацы ракæнут».

23 Дунедарæгæн ног зарæг зарут,
æгас зæххы цъар, Дунедарæгæн зар!
Зарут Дунедарæгæн,
арфæ кæнут Йæ номæн,
бонæй-бонмæ
Йæ ирвæзындзинадыл дзурут!
24 Адæмтæн дзурут Йæ кадыл,
æппæт адæмтæн — Йæ диссæгтыл.
25 Уымæн æмæ Дунедарæг стыр у,
æппæлыны аккаг у Уый,
æппæт хуыцæуттæй — тæссагдæр.
26 Адæмтæн сæ хуыцæуттæ —
гуымирытæ,
Дунедарæг та сфæлдыста уæлæрвтæ.
27 Йæ кад æмæ намыс цæуынц
Йæ разæй;
Йæ Кувæндоны —
Йæ хъару æмæ Йе стырад.

28 Адæмтæ, Дунедарæджы стаут,
сыстаут Ын Йæ кад æмæ Йæ хъомыс!
29 Дунедарæгæн Йæ номы аккаг
кад скæнут,
бацæут Йæ кæртытæм хуынтимæ.
Бакувут Дунедарæгæн
Йæ сыгъдæг кады рухсы!
30 Ӕгас зæхх Дунедарæджы раз
æмризæджы нырризæд!
Дун-дуне Уый фæрцы у фидар,
нæ фенкъуысдзæн.
31 Цин кæнæд уæларв иууылдæр,
цинæй райæд зæхх,
уадз æмæ адæмты 'хсæн айхъуыса:
«Дунедарæг паддзах у!»
32 Ныннæрæд денджыз æмæ,
йæ мидæг цыдæриддæр ис, уыдон;
райгонд уæнт фæзтæ
æмæ сыл цыдæриддæр ис, уыдон.
33 Хъæды бæлæстæ иууылдæр
ныццин кæнæнт
Дунедарæджы раз,
уымæн æмæ Дунедарæг æрцæуыдзæн —
тæрхон кæнынмæ зæххæн.

34 Арфæ кæнут нæ Хуыцауæн,
уымæн æмæ Уый хорзæхджын у,
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
35 Кувут Ӕм: «Фервæзын нæ кæн,
Хуыцау, нæ Ирвæзынгæнæг!
Иумæ нæ, Хуыцау, рамбырд кæн,
бахиз нæ алы адæмтæй —
кад Дын кæнæм Дæ уаз номæн,
стауæм Дæ, цинæй райгæйæ!»
36 Дунедарæг уæд арфæгонд,
йе Стыр Хуыцау Израилæн!
Кад Ын уæд мыггагæй-мыггагмæ!

Ӕппæт адæм дæр загътой: «Аммен!
Алелуйа!»
37Дунедарæджы Фидыды Чырыны раз
Давид æрвылбоны лæггадгæнджытæ скодта

Асафы æмæ уымæн йе ’рвад-æфсымæрты,
38стæй Овед-Едомы æмæ йе ’рвад-æфсымæр-
ты, аст æмæ æртиссæдз лæджы. Йедутуны
фырт Овед-Едомы æмæ Хосайы та скодта
дуаргæстæ.

39Сауджын Цадокæн æмæ уымæн йæ
сауджын æрвадæлтæн Давид бахæс кодта
Гивоны кувæн къуыбырыл, Дунедарæджы
Цæрæны цур, 40алы райсом æмæ алы изæр
иууылсудзинæгты нывондхæссæныл Ду-
недарæгæн нывæндтæ хæссын, Дунедарæг
Израилæн кæй бафæдзæхста, уыцы Æгъдауы
æппæт домæнтæм гæсгæ. 41Уыдонимæ ма
уыдысты Хеман æмæ Йедутун, стæй иннæ
æвзæрст лæгтæ. Сæ хæс уыди Дунедарæджы
стауын, афтæ дзургæйæ: «Йæ хорзæх нæ
сæфы мыггагмæ!» 42Хуыцауы кадæн Хеман
æмæ Йедутун зарыдысты; хæтæлтæй, æм-
дзæгъдгæнæнтæй æмæ æндæр цæгъдæнтæй
цагътой. Йедутуны фырттæ та уыдысты
дуаргæстæ.

43Уый фæстæ адæм сæ хæдзæрттæм фæ-
цыдысты. Давид дæр æрбаздæхт æмæ йæ
хæдзаронтыл Хуыцауы арфæ бафтыдта.

**17** Давид æрцарди йæ галуаны, æмæ иуа-
хæмы пехуымпар Натанæн загъта: «Кæс-
ма, æз мæнæ кедрæй конд галуаны цæрын,
Дунедарæджы Фидыды Чырын та цатыры
лæууы». 2Натан Давидæн загъта: «Дæ зæрдæ
дæм куыд дзуры, афтæ кæн, уымæн æмæ
Хуыцау демæ ис».

3Фæлæ тæккæ уыцы æхсæв Хуыцау раргом
ис Натанмæ: 4«Цу æмæ Мæ цагъар Давидæн
зæгъ: „Афтæ зæгъы Дунедарæг: Мæнæн Мæ
цæрæн хæдзар аразæг ды нæ уыдзынæ. 5Из-
раилæгты Мысырæй куы ракодтон, уæдæй
нырмæ Мын хæдзар куы нæ уыди — цатыры
цыдтæн Æз балцы. 6Израилæгтимæ кæм-
фæнды куы хаттæн, уæд дæр, Мæ адæмы,
Израилы, кæй бæрны бакодтон, сæ уыцы
тæрхоны лæгтæй кæд кæмæн загътон, кед-
рæй хæдзар Мын цæуылнæ саразут, зæгъ-
гæ?“ 7Ды Мæ цагъар Давидæн фехъусын
кæн: „Афтæ зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг:
Æз дæу сæрвæтæй, дæ фысты дзугæй, уый
тыххæй ракодтон, цæмæй суай Мæ адæмы,
Израилы фæтæг. 8Кæдæмфæнды цыдаис —
алы ран дæр Æз уыдтæн демæ æмæ дын де
знæгты се ’ппæты дæр ныццагътон. Æз дын
дæ ном скадджын кæндзынæн, ацы зæх-
хыл кадджындæр цы нæмттæ ис, уыдонæй
иу уыдзæни. 9Æз Мæ адæмæн, Израилæн,
скæндзынæн бынат, уым сын сæ уидæг-
тæ ауадздзынæн æмæ сæхицæн æдасæй
цæрдзысты, æнæхуыцæуттæ сæ нал æфхæр-
дзысты раздæрау, 10Мæ адæмæн, Израилæн,
сæ сæргъы тæрхоны лæгтæ куы æвæрдтон,
уыцы заман куыд уыди, афтæ. Æз дын де
’ппæт знæгты дæр басæтдзынæн. Хъусын дын
кæнын: Дунедарæг дын сараздзæни хæдзар.
11Дæ царды бонтæ куы фæуой æмæ дæ фы-
дæлтимæ куы баиу уай, уæд та паддзахæй
сæвæрдзынæн дæ байзæддаджы, дæ фырт-
тæй иуы, æмæ йын йæ паддзахад сфидар
кæндзынæн. 12Уый Мын сараздзæни Хæдзар,
Æз та йын мыггагмæ йæ паддзахы бадæн
сфидар кæндзынæн. 13Æз уымæн уыдзынæн
Фыд, уый та Мын уыдзæни фырт. Мæ хорзæх
дзы фæстæмæ нæ райсдзынæн, дæ размæ чи
уыд, уымæй йæ куыд райстон, афтæ. 14Æз
æй æнустæм сæвæрдзынæн Мæ хæдзар æмæ
Мæ паддзахады сæргъы, æмæ йæ паддзахы
бадæн фидар уыдзæн мыггагмæ“».

15Хуыцау æм кæй раргом ис, уый тыххæй
Натан Давидæн радзырдта, æппæт ныхæстæ
йын рафæзмыдта.

16Паддзах Давид Дунедарæджы цатыр-
мæ бацыд, æрзоныг кодта æмæ загъта: «О
Дунедарæг Хуыцау! Чи дæн æз æмæ чи сты
мæ фыдæлтæ дæр, цæмæй мæ афтæ бæр-
зонд сисай? 17Фæлæ Дæм уый дæр фаг нæ
фæкасти, Хуыцау, æмæ ма Дæ цагъары хæ-
дзарвæндагæн йæ дард сомбоны кой дæр
бакодтай. Цыма стыр лæг дæн, афтæ аудыс
Ды мæныл, о Дунедарæг Хуыцау! 18Ды Дæ
цагъары афтæ сбæрзонд кодтай, æмæ ма
Дын цы зæгъа Давид? Ды Дæ цагъары зæр-
дæ афтæмæй дæр зоныс. 19О Дунедарæг!
Дæ цагъары тыххæй æмæ Дæхи фæндонæй
скодтай æмæ раргом кодтай ацы стыр кад.
20О Дунедарæг! Нæ хъустæй цыдæриддæр
фехъуыстам, уый фæрцы зонæм: Ды дæ,
æмбал кæмæн нæй, уыцы иунæг Хуыцау.
21Зæххон адæмтæй дæр кæцыйæн ис абарæн
Дæ адæмимæ, Израилимæ? Ды сæм раргом
дæ, цæмæй сæ балхæнай æмæ Дæхи бауой,
сæ сæраппонд стыр диссæгтæ саразай æмæ
Дæ ном скадджын кæнай. Ды, Дæхицæн
Мысырæй кæй раирвæзын кодтай, Дæ уыцы
адæмы цурæй æндæр адæмты æд хуыцæут-
тæ фæсырдтай. 22Ды израилæгты æнустæм
Дæхи адæм скодтай æмæ Ды, Дунедарæг,
сдæ сæ Хуыцау. 23О Дунедарæг, Дæ цагъар
æмæ йæ хæдзарвæндаджы тыххæй цы ныхас
загътай, уый ныффидар уæд æнустæм! Куыд
загътай, афтæ бакæн! 24Æнустæм кадджын
уæд Дæ ном! Афтæ куыд дзурой: „Уæлар-
вæфсады Бардарæг, Израилы Хуыцау, сæ
Хуыцау у Израилæн“! Æмæ кæддæриддæр

Дæ разы уæд Дæ цагъар Давиды хæдзарвæн-
даг. 25Ды, мæ Хуыцау, Дæ цагъарæн хæдзар
саразынæй зæрдæ бавæрдтай, æмæ Дæм
кувын дæр уымæн уæндын. 26О Дунедарæг,
Ды — Хуыцау, Ды фехъусын кодтай Дæ ца-
гъарæн фарны уац! 27Уæдæ арфæ ракæн Дæ
цагъары хæдзарæн, цæмæй æнустæм уа Дæ
разы. Уымæн æмæ Дæ арфæйæ, о Дунедарæг,
уый арфæгонд уыдзæни æнустæм».

**18** Уымæй чысыл фæстæдæр Давид ба-
саста филистимæгты æмæ сæ йæ дæлбар
бакодта. Сæ къухæй сын байста Гат æмæ
йæ алыварс хъæутæ. 2Басаста моавæгты
дæр, æмæ уыдон дæр систы Давиды дæлбар,
фыстой йын хъалон.
3Давид басаста Адад-Езеры дæр, Цовайы
паддзахы (йæ паддзахад æххæссыд Хама-
ты арæнты онг), уый Евфраты доны был цы
зæххытæ ис, уыдонмæ йæ бархъомыс æрæ-
вæрынмæ куы бабырста, уæд. 4Давид æрба-
тæлæт кодта мин тохуæрдоны, уæрдонджын
æфсадæй авд мин хæстоны райста уацары,
фистæг æфсадæй — ссæдз мины. Бæхтæй
ма ныууагъта, сæдæ уæрдоны цы сифтын-
дзой, уый бæрц, иннæ бæхтæн та се счъилы
нуæрттæ адзæнгæл кодта. 5Цовайы паддзах
Адад-Езермæ æххуысмæ æрбацыдысты да-
маскаг арамейæгтæ, æмæ Давид уыдонæй
дæр дыууæ æмæ ссæдз мины ныццагъта.
6Уæд йе ’фсад æрæвæрдта дамаскаг араме-
йæгты зæххыл, арамейæгтæ басастысты æмæ
йын хъалон фидын райдыдтой. Дунедарæг
аудыдта Давидыл, æмæ уый кæмфæнды
дæр уæлахиз кодта. 7Адад-Езеры дæлдæр-
тæн Давид сæ сыгъзæрин уартытæ байста
æмæ сæ Йерусалиммæ схаста. 8Адад-Езе-
ры сахартæ Тивхат æмæ Куны тынг бирæ
æрхуы æрбатæлæт кодта Давид, æмæ дзы
фæстæдæр Соломон Кувæндонæн æрхуы
денджыз, цæджындзтæ æмæ алыхуызон
æрхуы мигæнæнтæ сарæзта.
9Хаматы паддзах Тоимæ байхъуысти, Да-
вид Цовайы паддзах Адад-Езеры æфсад кæй
ныддæрæн кодта, уый 10æмæ йæ фырт Ха-
дорамы паддзах Давидмæ арвыста, цæмæй
йын салам ратта æмæ йын, Адад-Езерыл
кæй фæуæлахиз, уый тыххæй арфæ ракæ-
на. Уымæн æмæ Тои æмæ Адад-Езеры ’хсæн
æдзухдæр хæстытæ цыди. Хадорам Давидæн
йемæ сыгъзæрин, æвзист æмæ æрхуы дзау-
матæ ахаста. 11Паддзах Давид сæ едомæгтæ,
моавæгтæ, аммонæгтæ, филистимæгтæ æмæ
амалекæгтæй байсгæ æвзист æмæ сыгъзæ-
ринтимæ Дунедарæгæн мысайнаг сæвæрдта.
12Церуайы фырт Авишай Цæхджын дæл-
вæзы едомæгтæй ныццагъта æстдæс мины.
13Давид Едомы йæ барджынты æрæвæрдта,
æмæ Едомы адæм иууылдæр йæ дæлбар ба-
исты. Кæмфæнды хæцыдаид Давид — алы
ран дæр ын Дунедарæг уæлахиз лæвæрдта.
14Давид паддзахиуæг кодта æгас Израилы,
адæмæн тæрхон кодта æмæ раст уынаффæ
хаста. 15Церуайы фырт Йоав уыд æфсады
хицау, Ахилуды фырт Йошафат — азфыссæг,
16Ахитувы фырт Цадок æмæ Авиафары фырт
Авимелех — сауджынтæ, Шавша — нымæр-
дар, 17Йеходайы фырт Бенайа разамынд
лæвæрдта керетæгтæ æмæ пелетæгтæн. Да-
виды фырттæ уыдысты паддзахады фыццаг
лæгтæ.

**19** Цасдæр рæстæджы фæстæ амард ам-
монаг паддзах Нахаш, æмæ йæ бæсты пад-
дзахиуæг кæнын райдыдта йæ фырт. 2Давид
загъта: «Нахаш мын хорзы кæй бацыд, уый
тыххæй йын йæ фырт Хануны зæрдæ хъуа-
мæ истæмæй барухс кæнон». Æмæ арвыста
йæ дæлдæрты, Ханунæн йæ фыды тыххæй
тæфæрфæс ракæнынмæ. Давиды дæлдæртæ
фæцыдысты аммонæгты зæхмæ. 3Аммо-
наг æлдæрттæ загътой Ханунæн: «Ныр дæ
æцæгдæр уырны, Давид дын дæ фыды сæр
нымайы, æмæ адон дæ зыны заман дæ цуры
уымæн æрбалæууыдысты? Нæ, уый дæм сæ
уый тыххæй æрбарвыста, цæмæй бæстæйыл
сæ цæст ахæссой, басгарой йæ æмæ йæ стæй
ныггæныстон кæной». 4Уæд Ханун Давиды
æрвыст лæгтыл æрхæцыди, ныддаста сæ,
сæ дарæс сын, се ’рбадæнтæ куыд разыной,
афтæ фæччитæй астæуы онг ачъепп ласта
æмæ сæ афтæмæй ауагъта. 5Фæндагыл ма
уыдысты, афтæ сын Давид сæ хабар фехъу-
ыста æмæ сæ размæ лæгтæ арвыста, уымæн
æмæ æгад æмæ худинаджы уавæры уыдысты.
Паддзахы бардзырд уыди: «Цалынмæ уæ бо-
цъотæ разайой, уæдмæ Йерихоны баззайут,
стæй æрбаздæхдзыстут».
6Давидæн æнæуынон систы, уый куы
бамбæрстой, уæд Ханун æмæ аммонæгтæ
Арам-Нахараиммæ, стæй Арам-Мааха æмæ
Цовамæ æвзисты мин таланты арвыстой,
цæмæй тохуæрдæттæ æмæ бæхтæрджытæ
баххуырстой. 7Дыууадæс æмæ ссæдз мин
тохуæрдоны, стæй Маахайы паддзахы æд
æфсад баххуырстой. Уыдон æрбацыдысты
æмæ Медевайы цур рæсæнуаты æрлæууы-
дысты. Сæ сахартæй хæстмæ рацыдысты
аммонæгтæ дæр. 8Давид уый куы фехъуыста,
уæд сæм Йоавы арвыста йæ тохвæлтæрд

æфсадимæ. 9Аммонæгтæ рацыдысты æмæ
хæстифтонгæй æрлæууыдысты сæ сæйраг
сахары кулдуары цур, æхххуысмæ сæм цы
паддзæхтæ фæзынд, уыдон та тыгъд быдыры
хицæнæй лæууыдысты. 10Йоав куы федта,
знæгтæ израилæгтæн сæ разæй дæр æмæ сæ
чъылдыммæ дæр кæй лæууынц, уый, уæд
йæ хуыздæр хæстонты арамейæгты ныхмæ
æрлæууын кодта. 11Иннæты бакодта йе 'фсы-
мæр Авишайы бар, æмæ сæ уый аммонæгты
ныхмæ æрлæууын кодта. 12Йоав ын загъта:
«Гъа, ныр мыл арамейæгтæ уæлахиз кæнынц,
зæгъгæ, уæд-иу мæм æххуысмæ фæзын, ам-
монæгтæ дæуыл куы райдайой тых кæнын,
уæд та дæм æз фæзындзынæн. 13Фидар лæуу!
Махæн нæ хæс у нæ адæмы æмæ нæ Хуы-
цауы сахарты сæраппонд схæцын, æмæ,
Дунедарæг цы зæгъа, уый уæд». 14Йоав йе
'фсадимæ сæхи андзæрстой арамейæгтыл,
æмæ уыдон лидзæг фесты. 15Аммонæгтæ
куы федтой, арамейæгтæ лидзынц, уый, уæд
уыдон дæр лидзæг фесты Авишайæ, Йоавы
æфсымæрæй, æмæ сæхи сахармæ байстой.
Йоав Йерусалиммæ æрбаздæхти.

16Арамейæгтæ куы бамбæрстой, израилæг-
тæ сыл фæуæлахиз сты, уый, уæд æххуысмæ
арвыстой Евфраты фале цæрæг арамейæг-
тæм, сæ сæргъы — Адад-Езеры æфсады хицау
Шовах. 17Давид уыцы хабар куы фехъуыста,
уæд æппæт израилæгты æрбамбырд кодта,
Иорданы фаллаг фарсмæ ахызт, арамейæг-
тæм бахæццæ, сæ ныхмæ хæстифтонгæй
æрлæууыд, æмæ сын тох бацайдагъ ис. 18Из-
раилæгтæ лидзæг фæкодтой арамейæгты.
Давид сын сæ бæхтæрджытæй авд мины
амардта, сæ фистæг хæстонтæй та — дыу-
уиссæдз мины. Амардта сын се 'фсады хицау
Шовахы дæр. 19Адад-Езеры дæлбартæ куы
бамбæрстой, израилæгтæ сæ басастой, уый,
уæд Давидимæ бафидыдтой æмæ систы йæ
дæлбар. Арамейæгтæ нал тырныдтой аммо-
нæгтæн æххуыс кæнынмæ.

**20** Иннæ уалдзæг, паддзæхты хæстон бал-
цыты афон, Йоав æфсадимæ ацыд аммонæг-
ты бæстæм æмæ йæ ныддæрæн кодта, стæй
сын æртыхсти сæ сæйраг сахар Раввайыл.
Давид уыцы рæстæг уыди Йерусалимы. Йо-
ав балæбурдта Раввайы сахармæ æмæ йæ
ныппырх кодта. 2Давид сын сæ паддзахы
сæрæй, æрмæст йæ сыгъзæрин дæр иу та-
ланты уæзæн кæмæн уыд, йæ уыцы нал-
хъуыт-налмасæй фæлыст кады худ фелвæста
æмæ йæ йæхи сæрыл æркодта. Сахарæй
тынг бирæ æфтиаг рахаста. 3Адæмæй дзы чи
уыди, уыдоны та ракодта æмæ сæ дурфадæн
хырхытæ, æфсæйнаг дурсæттæнтæ æмæ
фæрæттæй кусыныл бафтыдта. Афтæ ба-
кодта æппæт аммонаг сахартæн. Уый фæстæ
Давид йе 'фсадимæ раздæхт Йерусалиммæ.

4Фæстæдæр ма Гезеры дæр филистимæг-
тимæ ногæй схæцыдысты. Хушайаг Сибехай
амардта Сиппайы, рефаимты байзæддæгтæй
иуы, æмæ филистимæгтæ саст æрцыдысты.

5Филистимæгтимæ ма ноджыдæр иу
хæст уыди, æмæ уым Елханан, Иаиры фырт,
амардта гатаг Лахмийы, Голиафы æфсы-
мæры, йæ арцы хъæд тынуафæн хъилы йас
кæмæн уыди, уыцы Голиафы æфсымæры.

6Иу ахæм хæст ма уыди Гаты дæр. Уым
иу уæйыгæнгæс лæг, уый дæр рефаимты
байзæддæгтæй, йæ къухтæ æмæ йæ къæх-
тыл — æхсæзгай æнгуылдзтæ, æдæппæтæй —
цыппар æмæ ссæдз æнгуылдзы, 7фидистæ
кодта израилæгтæн, æмæ йæ Йонатан, Да-
виды æфсымæр Шимайы фырт, амардта.

8Ацы уæйыгæнгæс лæгтæ уыдысты ре-
фаимты байзæддæгтæ, гатæгтæ, æмæ Да-
вид æмæ йæ хæстонты къухæй мæрдтæм
бацыдысты.

**21** Сайтан Израилы ныхмæ сыстад æмæ
Давиды сардыдта Израилы банымайыныл.
2Давид бафæдзæхста Йоав æмæ иннæ бал-
хонтæн: «Цæугæут æмæ Беер-Шевæйæ суанг
Даны онг банымайут израилæгты, цæмæй
мæ адæмы нымæц зонон». 3Йоав ын загъта:
«Дунедарæгæн Йæ адæм цас сты, сæдæ ахæ-
мы ма сыл бафтауæд. Уыдон се 'ппæт дæр,
мæ бардарæг, мæ паддзах, дæ цагъартæ не
сты, мыййаг? Мæ паддзах ма цæй тыххæй
домы ацы хъуыддаг? Азымы цæмæн æппары
Израилы?» 4Паддзах цæхгæр ныллæууыд
йæ фæндыл, æмæ Йоавæн æндæр гæнæн
нал уыд æмæ æрзылд æппæт Израилыл дæр,
стæй фæстæмæ æрбаздæхт Йерусалиммæ
5Йоав æмæ адæмы сфысты хыгъд Давидмæ
радта. Израилæгтæм кардæй хæцынхъом
лæгтæ разынди милуан æмæ сæдæ мины,
иудейæгтæм та — цыппарсæдæ æвдай мины.
6Æцæг, Йоав уыдоны хыгъдмæ нæ бахаста
левитты æмæ Бениамины мыггаг, уымæн
æмæ паддзахы фæдзæхст йæ зæрдæмæ нæ
цыди.

7Уыцы сфыст æхцон нæ уыди Хуыцауæн,
æмæ Йæ азары хай бакодта Израилы. 8Давид
Хуыцауæн загъта: «Тынг фæтæригъæдджын
дæн, ахæм æнæрхъуыды ми кæй бакодтон,
уый тыххæй æмæ Дæ курын, ныббар Дæ ца-
гъарæн йæ тæригъæд». 9Дунедарæг раргом ис

Гадмæ, Давиды зонынджынмæ: 10«Цу æмæ
зæгъ Давидæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг:
мæнæ дын æртæ хуызы æфхæрды æмæ дæ
уыдонæй кæцыйы амæттаг бакæнон, уый
равзар дæхæдæг“». 11Гад бацыди Давидмæ
æмæ йын загъта: «Афтæ зæгъы Дунедарæг:
„Равзар, цы хуызы дæ бафхæрон, уый: 12æртæ
стонг азы дæ бæстæйы? Æви дæ æртæ мæйы
дæргъы де знæгтæ сæ уæлныхты исой æмæ
сæ разæй лидзай? Æви æртæ боны дæргъы
Дунедарæджы азарæй емынæ сыста дæ бæс-
тæйы, æмæ Йæ азары зæд куынæггæнгæ
ацæуа æгас Израилы зæххыл?“ Ахъуыды
кæн, Чи мæ æрбарвыста, уымæн цы дзуапп
раттон, уыл». 13Давид Гадæн зæгъы: «Тынг
уæззау уавæры дæн, фæлæ, адæмы къухмæ
бахауыны фæлтау, уадз æмæ Дунедарæджы
къухмæ бахауон, — Уый бирæбараг у».

14Дунедарæг израилæгтыл емынæ баф-
тыдта, æмæ дзы æвдай мин адæймаджы
бабын ис. 15Хуыцау мæлæтхæссæг зæд ар-
выста Йерусалим бабын кæнынмæ, фæлæ
уый адæмы цæгъдын куы райдыдта, уæд
Дунедарæг æркаст æмæ фæтæригъæд кодта
сахарæн, нал Æй бафæндыди бæллæх æр-
уадзын. Зæдæн загъта: «Æгъгъæд фæуæд!
Æруадз дæ къух». Уыцы уысм мæлæтхæс-
сæг зæд уыди йевусаг Орнаны мусы сæрмæ.
16Давид йæ цæстытæ хæрдмæ систа, æмæ
арвæй зæххы астæу кардæлвæстæй федта
Дунедарæджы зæды, йæ кард арæзт уыди
Йерусалимы ’рдæм. Давид æмæ йæ адæмы
хистæртæ, сæ уæлæ сæхъистæ, афтæмæй,
зæххыл ныддæлгом сты. 17Давид Хуыцауæн
загъта: «Адæмы æз нæ банымайын кодтон?
Тæригъæдджын æз куы фæдæн, фыд æз куы
ракодтон, уæд ацы фыстæ цы азымджын
сты? О Дунедарæг, мæ Хуыцау! Дæ адæмы
сафыны бæсты фæлтау Дæ азар ныххуырс
мæныл æмæ мæ бинонтыл».

18Уæд мæлæтхæссæг зæд Гадæн загъта:
«Давид ссæуæд йевусаг Орнаны мусмæ æмæ
дзы Дунедарæгæн нывондхæссæн саразæд».
19Давид, Дунедарæджы фæдзæхстмæ гæсгæ
йын Гад куыд загъта, афтæ бакодта — ссы-
ди мусмæ.

20Уый хæдразмæ Орнан йæ цыппар фыр-
тимæ мæнæу най кодта. Фæстæмæ фæкаст
æмæ ауыдта мæлæтхæссæг зæды. Орнаны
фырттæ фыр тæссæй сæхи амбæхстой.

21Давид схæццæ Орнанмæ. Орнан æй куы
ауыдта, уæд мусæй йæ размæ рацыд æмæ
зæххыл ныддæлгом ис. 22Давид Орнанæн
загъта: «Ратт-ма мын дæ мусы бынат, æмæ
дзы Дунедарæгæн нывондхæссæн саразон.
Йе ’ххæст аргъыл мын æй ратт, æмæ фыд
азары амæттаг мауал кæной адæм». 23Орнан
загъта Давидæн: «Айс æй дæхицæн: мæ бар-
дарæг паддзах, куыд æй фæнды, афтæ бакæ-
нæд. Мæнæ дын иууылсудзинагæн дæттын
галтæ, сугæн — найгæнæн дзоныгътæ, хой-
раджы хуынæн та — мæнæу. Лæвар дын сæ
дæттын иууылдæр». 24Фæлæ паддзах Давид
Орнанæн загъта: «Нæ, се ’ххæст аргъæй сæ
хъуамæ балхæнон æнæмæнг. Дунедарæгæн
раттыны охыл дын лæвар нæ райсдзынæн
дæ исбон; иууылсудзинаг нывонд, лæвар цы
райсон, уымæй не ’рхæсдзынæн».

25Афтæмæй Давид уыцы бынаты тыххæй
Орнанæн радта сыгъзæрины æхсæзсæдæ
шекелы. 26Дунедарæгæн уым сарæзта ны-
вондхæссæн æмæ æрхаста иууылсудзинаг
нывæндтæ æмæ фидыды нывæндтæ. Ску-
ывта Дунедарæгмæ, æмæ йын Уый йæ куывд
айста — иууылсудзинæгты нывондхæссæн-
мæ уæларвæй зынг æрæрвыста. 27Стæй Ду-
недарæг мæлæтхæссæг зæдæн загъта, æмæ
уый йæ кард кæрддзæмы нытътъыста.

28Давид федта, Дунедарæг æй фехъуыс-
та, уый æмæ уæдæй фæстæмæ нывæндтæ
хаста йевусаг Орнаны мусыл. 29Моисей Ду-
недарæгæн æдзæрæг быдыры кæй сарæзта,
уыцы Уаз Цæрæн æмæ иууылсудзинæгты
нывондхæссæн та уæд нырма Гивоны кувæн
къуыбырыл уыдысты, 30фæлæ Давид Хуы-
цауы бафæрсынмæ уырдæм нал суæндыд,
афтæ тынг фæтарсти Дунедарæджы æрвыст
удхæссæджы кардæй.

**22** Давид загъта: «Ам уыдзæни Дунедарæг
Хуыцауы хæдзар, мæнæ — Израилы иууыл-
судзинæгты нывондхæссæн!»

2Давид бафæдзæхста, цæмæй æрæмбырд
кæной Израилы зæххыл цæрæг æрцæуæггæг-
ты, æмæ сын бахæс кодта Хуыцауы хæдзар
саразынæн дуртæ слæгъз кæнын. 3Ноджы ма
Давид æрцæттæ кодта бирæ æфсæйнаг дæр:
зæгæлтæ, кулдуæрттæ æмæ цæгтæ аразынæн,
стæй, йæ уæзæн сбарæн нæй, уый бæрц æрхуы.
4Ноджы ма — æнæнымæц бирæ кедр хъæ-
дæрмæг. Давидæн æй æрбаластой сидойнæг-
тæ æмæ тирæгтæ. 5Давид загъта: «Мæ фырт
Соломон нырма æвзонг æмæ æвæлтæрд у,
Дунедарæгæн цы хæдзар аразын хъæуы, уый
та стыр диссаг хъуамæ уа, æппæт дунейыл
йæ ном æмæ йæ æрдхæрæны рæсугъды кой
кæмæн айхъуысдзæн, ахæм. Цæй æмæ йын
æрцæттæ кæнон аразæн æрмæг». Æмæ Давид
бирæ æрцæттæ кодта йæ амæлæты размæ.

6Давид басидт йæ фырт Соломонмæ æмæ
йын ныффæдзæхста хæдзар саразын Дуне-
дарæгæн, Израилы Хуыцауæн. 7Афтæ йын
загъта: «Мæ хъæбул! Мæ зæрды уыди Ду-
недарæджы, мæ Хуыцауы, номыл хæдзар
саразын. 8Фæлæ мын Дунедарæг загъта:
„Ды бирæ туг ныккалдтай, стыр хæстыты
хæцыдтæ. Мæ номыл хæдзар аразæг Ды нæ
уыдзынæ, уымæн æмæ федтон, зæххыл цас
туг ныккалдтай, уый. 9Фæлæ дын райгуыр-
дзæни фырт. Уыдзæн ын сабыр уаг, æмæ йæ
Æз йæ алфамбылай знæгтæй се 'ппæтæй дæр
сæнæмæт кæндзынæн. Йæ ном уыдзæни
Соломон, æмæ Израилæн Соломоны заман
ратдзынæн фарн æмæ æнцой. 10Соломон
сараздзæн Мæ номыл хæдзар. Уый уыдзæни
Мæ фырт, Æз та уыдзынæн Йæ Фыд, æмæ
йын Израилы сæргъы йæ паддзахы бадæн
сфидар кæндзынæн мыггагмæ“. 11Гъемæ
Дунедарæджы уазæг у, мæ хъæбул, банты-
сæд дын Дунедарæгæн, дæ Хуыцауæн, хæ-
дзар саразын, Уый дæ куыд æнхъæл у, афтæ.
12Дунедарæг дын раттæд куырыхон зонд
æмæ алцы æвзарыны курдиат, цæмæй, Из-
раилы сæргъы дæ куы æрлæууын кæна, уæд
æххæст кæнай Дунедарæджы, дæ Хуыцауы,
Æгъдау. 13Дунедарæг Моисеймæ Израилæн
цы фæдзæхстытæ æмæ уагæвæрдтæ радта,
уыдон куы æххæст кæнай, уæд уыдзынæ
æнтыстджын. У фидар æмæ æхсарджын æмæ
мацæмæй тæрс, дæ ныфс макуы асæттæд.
14Æз тыхтæй-амæлттæй Дунедарæджы хæ-
дзарæн æрцæттæ кодтон сыгъзæрины сæдæ
мин таланты æмæ æвзисты милуан таланты,
æрхуы æмæ æфсæйнаджы уæзæн та сбарæн
дæр нæй, афтæ бирæ сты; æрцæттæ кодтон
хъæдæрмæг æмæ дуртæ дæр. Ды дæр ма сæм
бафтаудзынæ. 15Кусджытæ дæм бирæ ис:
дурлæгъзгæнджытæ, дурыл æмæ хъæдыл
нывæфтауджытæ, æмæ, банымайæн дæр сын
нæй, уый бæрц арæхстджын æрмдæснытæ:
16сыгъзæрин, æвзист, æрхуы æмæ æфсæйна-
гимæ чи кусы, уыдон. Райдай аразын, æмæ
дын Дунедарæг баххуыс кæнæд».
17Давид Израилы хицæуттæн се 'ппæтæн
дæр ныффæдзæхста йæ фырт Соломонæн
баххуыс кæнын: 18«Уемæ куы ис Дунедарæг,
уæ Хуыцау, уæ алфамбылай знæгтæй уæ куы
сæнæмæт кодта. А бæстæйы цæрджыты дæр
радта мæ къухтæм, æмæ а бæстæ баци Дуне-
дарæджы æмæ Йæ адæмы дæлбар. 19Гъемæ
уæдæ уæ зæрдæ æмæ уæ уды æппæт хъаруйæ
агурут Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, саразут
Ын Кувæндон. Йæ номыл цы хæдзар сырæза,
уырдæм-иу бахæссут Фидыды Чырын æмæ
Хуыцауы уаз мигæнæнтæ».

**23** Давид базæронд, бафсæсти цардæй æмæ
Израилы сæргъы паддзахæй сæвæрдта йæ
фырт Соломоны.
2Давид фæсидт Израилы æппæт æлдæрт-
тæм, сауджынтæм æмæ левиттæм. 3Левит-
тæ нымад æрцыдысты æртыназдзыдтæй
уæлæмæ; æдæппæтæй сæ нæлгоймæгты
нымæц уыд æстдæс æмæ ссæдз мины. 4Уы-
донæй Дунедарæджы хæдзары куысты урæд
æрцыди цыппар æмæ ссæдз мины, бæрны-
лæгтæ æмæ тæрхоны лæгтæй — æхсæз мины,
5дуаргæстæй — цыппар мины, Дунедарæджы
кадæн цæгъдæнтæй ифтонг зарæггæнджы-
тæй дæр — цыппар мины. Давид сæ Дунеда-
рæджы стауыны охыл саразын кодта.
6Давид левитты адих кодта æртæ къор-
дыл — Левийы фырттæ Гершон, Кехат æмæ
Мераримæ гæсгæ.
7Гершоны фырттæ: Ладан æмæ Шими. 8Ла-
даны фырттæ: хистæр — Йехиел, уый дæле —
Зетам æмæ Иоел, æртæ. 9Шимийы фырттæ:
Шеломот, Хазиел æмæ Аран, æртæ. Адон
уыдисты Ладанæй рацæугæ мыггæгты хис-
тæртæ. 10Шимийæн ма ноджы уыди цыппар
фырты: Йахат, Зиза, Йеуш æмæ Бриа. 11Хис-
тæр уыди Йахат, уый кæстæр — Зиза. Йеушæн
æмæ Бриайæн бирæ цот нæ рацыд, æмæ уымæ
гæсгæ систы иу мыггаг æмæ иу къорд.
12Кехаты фырттæ: Амрам, Ицхар, Хеврон
æмæ Уззиел, цыппар. 13Амрамы фырттæ: Аа-
рон æмæ Моисей. Аарон æмæ йæ байзæддæг-
тæ хицæнгонд æрцыдысты — мыггагмæ сæ
снывонд чындæуыд; уыдон сты иууылуаз —
æрмæстдæр уыдонæн ис бар Дунедарæджы
раз буд судзынæн, лæггад Ын кæнынæн æмæ
Йæ номæй цæрæнбонтæм адæмæн арфæ
кæнынæн. 14Хуыцауы минæвар Моисейы
байзæддæгтæ та нымад æрцыдысты ле-
виттыл. 15Моисейы фырттæ: Гершом æмæ
Елиезер. 16Гершомы хистæр фырт — Шеву-
ел. 17Елиезеры фырт, йæ фыццаг — Рехави.
Уымæй æндæр ын фырттæ нæ уыди, фæлæ
Рехавийæн тынг бирæ фырттæ сæнтыст.
18Ицхары фырт, йæ фыццаг — Шеломит.
19Хевроны фырттæ: хистæр — Йерийа, уый
кæстæр — Амариа, æртыккаг — Йахазиел,
цыппæрæм та — Йекамам. 20Уззиелы фырт-
тæ: хистæр — Миха, уый кæстæр — Ишшиа.
21Мерарийы фырттæ: Махли æмæ Му-
ши. Махлийы фырттæ: Елеазар æмæ Киш.

**22:9** *Соломон* – дзут. «Шеломо», йæ мыртæм гæсгæ у дзырд «шалом»-ы («фарн») æнгæс.

22Елеазар амарди, фырттæ йын нæ сæнтыст, афтæмæй, уыди йын чызджытæ. Сæ фыды ’фсымæр Кишы фырттæ сæ ракуырдтой. 23Мушийы фырттæ: Махли, Едер æмæ Йеремот, æртæ.

24Адон сты Левийы байзæддæгтæ мыггаггай, мыггæгты хистæртæ. Уыцы мыггæгты адæм нымад æрцыдысты сæрæй-сæрмæ — ссæдзаздзыдтæй уæлæмæ — æмæ куыстой Дунедарæджы хæдзары. 25Уымæн æмæ Давид загъта: «Дунедарæг, Израилы Хуыцау, Йæ адæмæн радта æнцой æмæ Йерусалимы æрцарди мыггагмæ. 26Афтæмæй левитты нал хъæудзæн Дунедарæджы цæрæн æмæ йе ’ппæт мигæнæнтæ хæссын».

27Давиды фæстаг ныстуантæм гæсгæ Левийы байзæддæгтæ нымад æрцыдысты ссæдзаздзыдтæй уæлæмæ. 28Уыдонæн сæ хæс уыди Аароны байзæддæгтæн, Дунедарæджы хæдзары чи лæггад кодта, уыдонæн æххуыс кæнын. Сæ бæрны уыдысты Кувæндоны кæртытæ æмæ хатæнтæ. Се ’вджид ма сын бакодтой æппæт уаз дзауматæ сыгъдæгæй дарын, стæй Хуыцауы хæдзары иннæ куыстытæ дæр кæнын. 29Сæ бæрны уыдысты, Дунедарæджы раз-иу Кувæндоны кæй æрæвæрдтой, уыцы дзултæ, хуынæн чи хъуыди, уыцы æвзаргæ ссад, донгонд лауаситæ, лауызтæ, стæй, ссадæй ма-иу ноджыдæр цы фыцинæгтæ сызмæстой, уыдæттæ, ноджы ма — алы уæзбарст æмæ алы дæргъбарст дæр. 30Хъуамæ-иу алы райсом æмæ алы изæр дæр æрлæууыдаиккой Дунедарæджы раз, арфæ æмæ Йын кад кæнгæйæ. 31Хъуамæ-иу, Дунедарæгæн алы иууылсудзинаг хæссынафон, сабаттæ, мæйногтæ æмæ иннæ бæрæгбæтты заман, æдзух лæууыдаиккой Дунедарæджы раз, бæрæг нымæцæй, куыд сын фæдзæхст уыди, афтæ. 32Афтæмæй сæ бæрны уыди Фембæлды Цатыры куыст æмæ Кувæндоны куыст; хъуамæ се ’рвадæлтæн, Аароны байзæддæгтæн, æххуыс кодтаиккой Дунедарæджы хæдзары.

**24** Мæнæ Аароны байзæддæгты — сауджынты — къордтæ. Аароны фырттæ: Надав, Авигу, Елеазар æмæ Итамар. 2Надав æмæ Авигу сæ фыдæй раздæр амардысты, фырттæ дæр сын нæ рацыд, афтæмæй. Æмæ ныр сауджыны куыст кодтой Елеазар æмæ Итамар. 3Давид Елеазары байзæддаг Цадок æмæ Итамары байзæддаг Ахимелехы æххуысæй сауджынты адих кодта хицæн къордтыл. 4Елеазары байзæддæгты ’хсæн мыггаджы хистæртæ Итамары фæдонтæй фылдæр кæй разынди, уымæ гæсгæ Елеазары байзæддæгтæй баурæдтой æхсæрдæс мыггаджы хистæры, Итамары байзæддæгтæй та — аст. 5Иуты дæр æмæ иннæты дæр равзæрстой хæлттæ сæппаргæйæ, уымæн æмæ Кувæндоны барджынтæ æмæ Хуыцауы барджынтæ уыдысты Елеазары байзæддæгтæй дæр æмæ Итамары байзæддæгтæй дæр. 6Номхыгъдмæ сæ бахаста нымæрдар Шемайа, Нетанелы фырт, левит. Ныффыста сæ паддзахы, æлдæртты, сауджын Цадокы æмæ Авиафары фырт Ахимелехы, стæй сауджынтæ æмæ левитты мыггæгтæн сæ хистæрты раз. Елеазары мыггæгтæй дыууæйы ныхмæ Итамары мыггæгтæй æвзæрстой иуы. 7Фыццаг схаудта Йехоривы къорды хал, дыккаг — Иедайайы, 8æртыккаг — Харимы, цыппæрæм — Сеоримы, 9фæндзæм — Малкиайы, æхсæзæм — Миамины, 10æвдæм — Хакоцы, æстæм — Авийайы, 11фарæстæм — Йешуайы, дæсæм — Шеханийы, 12иуæндæсæм — Елиашивы, дыууадæсæм — Йакимы, 13æртындæсæм — Хуппайы, цыппæрдæсæм — Йешевавы, 14фынддæсæм — Билгайы, æхсæрдæсæм — Иммеры, 15æвддæсæм — Хезиры, æстдæсæм — Хаппиццецы, 16нудæсæм — Петахийы, ссæдзæм — Езекиелы, 17иу æмæ ссæдзæм — Йахины, дыууæ æмæ ссæдзæм — Гамулы, 18æртæ æмæ ссæдзæм — Делаийы, цыппар æмæ ссæдзæм — Маазиайы.

19Гъе адон — сауджынты къордтæ, Дунедарæджы хæдзармæ цæуынæн æмæ уым лæггад кæнынæн, сæ фыдæл Ааронæн Дунедарæг, Израилы Хуыцау, куыд бафæдзæхста, уымæ гæсгæ.

20Левитты иннæ мыггæгты хистæртæ. Амрамы байзæддæгтæй: Шуваел, Шуваелы фырттæй — Йехдеа. 21Рехавийы байзæддæгты хистæр — Ишшиа. 22Ицхары мыггагæй: Шеломот, Шеломоты фырттæй — Йахат. 23Хевроны цыппар фырты куыд хистæрæй: Йерийа, Амариа, Йахазиел, Йекамам. 24Уззиелы фырт — Миха, Михайы фырттæй — Шамир. 25Михайы æфсымæр — Ишшиа, Ишшиайы фырттæй — Захариа. 26Мерарийы байзæддæгтæ: Махли æмæ Муши. Адон уыдысты Мерарийы фырт Иазиайы фырттæ. 27Мерарийы фырт Иазиайæн ма сæнтыстысты: Шохам, Заккур æмæ Иври. 28Махлийы фырттæ: Елеазар (амæн фырттæ нæ уыд) 29æмæ Киш. Кишы фырт — Йерахмеел. 30Мушийы фырттæ: Махли, Едер æмæ Иеримот.

Адон сты левиттæ, мыггаггай. 31Уыдон дæр се ’рвад-æфсымæртау, Аароны байзæддæгтау, хæлттæ сæппæрстой паддзах Давиды,

Цадокы, Ахимелехы, стæй сауджынтæ æмæ
левитты мыггæгтæн сæ хистæрты раз. Стыр
æмæ чысыл мыггæгтæн, хæлттæ æппаргæйæ,
уыдис æмхуызон бартæ.

**25** Давид æмæ дингæнджыты хистæр-
тæ Дунедарæджы хæдзары кусынæн бау-
рæдтой Асафы, Хеманы æмæ Йедутуны
фыртты, цæмæй пехуымпариуæг кæной,
хъисфæндыртæй, дыууадæстæнонтæй æмæ
æмдзæгъдгæнæнтæй цæгъдгæйæ. Мæнæ
уыцы лæггадгæнджыты номхыгъд. [2]Асафы
цыппар фырты: Заккур, Йосеф, Нетаниа æмæ
Асарелæ. Разамынд сын лæвæрдта Асаф, пад-
дзахы разамындæй пехуымпариуæггæнæг.
[3]Йедутуны фырттæ: Гедалиа, Цери, Иса-
йа, Шими, Хашавиа æмæ Маттитиа, æхсæз.
Разамынд сын лæвæрдта сæ фыд Йедутун,
йæ пехуымпариуæгæй æмæ хъисфæндыры
цагъдæй Дунедарæгæн кад æмæ арфæгæнæг.
[4]Хеманы фырттæ: Буккиа, Маттаниа, Уззиел,
Шевуел, Иеримот, Хананиа, Ханани, Елиата,
Гидалти, Ромамти-Езер, Иошбекаша, Мал-
лоти, Хотир æмæ Махазиот. [5]Адон се 'ппæт
дæр паддзахы зонынджын Хеманы фырттæ
сты — Хуыцау ын зæрдæ бавæрдта хъомыс
раттынæй æмæ йын балæвар кодта цып-
пæрдæс фырты æмæ æртæ чызджы. [6]Ацы
зарæггæнджытæ иууылдæр, сæ фыдæлты
разамындæй, зарыдисты Дунедарæджы
хæдзары, цагътой æмдзæгъдгæнæнтæй,
дыууадæстæнонтæй æмæ хъисфæндыртæй.
Афтæмæй, паддзахы разамындæй лæггад
кодтой Хуыцауы хæдзары.

Асаф, Йедутун æмæ Хеманæн, [7]Дунедарæ-
джы кадæн зарыны курдиатæй чи фæхай-
джын, æппæт уыцы æрвад-æфсымæртимæ
иумæ сæ нымæц уыди дыууæсæдæ æстай
аст. [8]Сæ куысты тыххæй сæппæрстой хæлт-
тæ: кæстæрæй, хистæрæй, ахуыргæнæгæй,
ахуыргæнинагæй — иууылдæр уыдысты
æмбар. [9]Фыццаг схаудта Асафы фырт Йо-
сефы хал, йемæ йе 'фсымæртæ æмæ йæ
фырттæ — дыууадæс лæджы. Дыккаг хатт
схаудта Гедалиайы хал, йемæ йе 'фсымæртæ
æмæ йæ фырттæ — дыууадæс лæджы. [10]Æр-
тыккаг хатт схаудта Заккуры хал, йемæ йæ
фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс
лæджы. [11]Цыппæрæм хатт схаудта Ицрийы
хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ —
дыууадæс лæджы. [12]Фæндзæм хатт схаудта
Нетаниайы хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе
'фсымæртæ — дыууадæс лæджы. [13]Æхсæзæм
хатт схаудта Буккиайы хал, йемæ йæ фырт-
тæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс лæджы.
[14]Æвдæм хатт схаудта Йесарелы хал, йемæ
йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс
лæджы. [15]Æстæм хатт схаудта Йесаиайы
хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæр-
тæ — дыууадæс лæджы. [16]Фарæстæм хатт
схаудта Маттаниайы хал, йемæ йæ фырттæ
æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс лæджы.
[17]Дæсæм хатт схаудта Шимийы хал, йемæ
йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс
лæджы. [18]Иуæндæсæм хатт схаудта Азарелы
хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæр-
тæ — дыууадæс лæджы. [19]Дыууадæсæм хатт
схаудта Хашавиайы хал, йемæ йæ фырттæ
æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс лæджы.
[20]Æртындæсæм хатт схаудта Шуваелы хал,
йемæ йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыу-
уадæс лæджы. [21]Цыппæрдæсæм хатт схаудта
Маттитиайы хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе
'фсымæртæ — дыууадæс лæджы. [22]Фынд-
дæсæм хатт схаудта Йеремоты хал, йемæ
йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыууа-
дæс лæджы. [23]Æхсæрдæсæм хатт схаудта
Хананиайы хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе
'фсымæртæ — дыууадæс лæджы. [24]Æвддæ-
сæм хатт схаудта Иошбекашайы хал, йемæ
йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс
лæджы. [25]Æстдæсæм хатт схаудта Хананийы
хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæр-
тæ — дыууадæс лæджы. [26]Нудæсæм хатт
схаудта Маллотийы хал, йемæ йæ фырттæ
æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс лæджы.
[27]Ссæдзæм хатт схаудта Елиатайы хал, йемæ
йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс
лæджы. [28]Иу æмæ ссæдзæм хатт схаудта
Хотиры хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе 'фсы-
мæртæ — дыууадæс лæджы. [29]Дыууæ æмæ
ссæдзæм хатт схаудта Гидалтийы хал, йемæ
йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ — дыууадæс
лæджы. [30]Æртæ æмæ ссæдзæм хатт схаудта
Махазиоты хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе
'фсымæртæ — дыууадæс лæджы. [31]Цыппар
æмæ ссæдзæм хатт схаудта Ромамти-Езеры
хал, йемæ йæ фырттæ æмæ йе 'фсымæртæ —
дыууадæс лæджы.

**26** Мæнæ дуаргæстæ, сæ къордтæм гæсгæ.

Корахы мыггагæй: Мешелемиа, Асафы
байзæддаг Корейы артæй рацæуæг. [2]Мешеле-
миайы фырттæ: йæ хистæр зæнæг — Захариа,
дыккаг — Йедиаел, æртыккаг — Зевадиа,
цыппæрæм — Йафниел, [3]фæндзæм — Елам,
æхсæзæм — Йоханан, æвдæм — Елйехоенай.

[4]Овед-Едомы фырттæ: йæ хистæр зæнæг —
Шемайа, дыккаг — Йозавад, æртыккаг — Йо-
ах, цыппæрæм — Сахар, фæндзæм — Нетанел,

5æхсæзæм — Аммиел, æвдæм — Иссахар,
æстæм — Пеуллетай. Афтæ Овед-Едомæн
раарфæ кодта Хуыцау.
6Овед-Едомы фырт Шемайайæн дæр рай-
гуырди фырттæ. Уыдон сæ мыггагæн уы-
дысты уынаффæгæнæг, уымæн æмæ сæрæн
лæгтæ уыдысты. 7Шемайайы фырттæ: Отни,
Рефаел, Овед æмæ Елзавад, стæй се 'фсы-
мæртæ, сæрæн лæгтæ — Елигу æмæ Семахи.
8Адон се 'ппæт дæр сты Овед-Едомы бай-
зæддæгтæ. Сæхæдæг дæр, стæй сæ фырттæ
дæр æмæ се 'рвадæлтæ дæр уыдысты сæрæн
лæгтæ, зæрдæргъæвд кусджытæ, æдæппæт
дыууæ æмæ æртиссæдз лæджы.
9Мешелемиайы фырттæ æмæ æрвадæлтæ,
сæрæн лæгтæ — уыдысты æстдæс.
10Мерарийы байзæддаг Хосайы фырттæ:
хистæр — Шимри (йæ фыццаг зæнæг нæ
уыди, фæлæ йын йæ фыд радта хистæры бар-
тæ), 11дыккаг — Хилкиа, æртыккаг — Тевали,
цыппæрæм — Захариа. Хосайы фырттæ æмæ
æрвадæлтæ уыдысты æртындæс.
12Ацы дуаргæсты къордтæ, сæ хистæртæ
сæ сæргъы, афтæмæй се 'рвад-æфсымæртау
лæггад кодтой Дунедарæджы хæдзары.
13Æппæт мыггæгтæ дæр, стырæй, чысы-
лæй, хæлттæ сæппæрстой Кувæндонæн йæ
алы кулдуары тыххæй дæр. 14Скæсæнæр-
дыгæй кулдуар æрхауди Шелемимæ. Сæп-
пæрстой хæлттæ уымæн йæ фырт, куырыхон
уынаффæйы лæг, Захариайы тыххæй дæр,
æмæ уымæ та æрхаудис цæгатæрдыгæй кул-
дуар. 15Овед-Едоммæ æрхауд хуссарæрдыгæй
кулдуар, йæ фырттæм та — Кувæндоны æф-
тауцуат. 16Шуппим æмæ Хосамæ æрхаудтой
ныгуылæнæрдыгæй кулдуар æмæ, фæнда-
гыл хæрдмæ суайын кæмæ хъуыди, уыцы
Шаллехеты кулдуар.
Мæнæ дуаргæстæн сæ хъалагъур хæссы-
ны фæтк. 17Скæсæнæрдыгæй алы бон дæр
лæууыд æхсæз левиты, цæгатæрдыгæй —
цыппар, хуссарæрдыгæй — цыппар, дыууæ
æфтауцуаты цур та — дыгæйттæ. 18Ныгу-
ылæнæрдыгæй, Парбары цур, фæндагыл
лæууыди цыппар дуаргæсы, Парбарæн йæхи
цур та — дыууæ.
19Адон уыдысты дуаргæсты къордтæ, Ко-
рахы æмæ Мерарийы байзæддæгтæ.
20Иннæ левиттæ, се 'рвадæлтæ, сæ цæст
дардтой Хуыцауы хæдзары хæзнатæм, уы-
имæ уаз хæзнатæм дæр. 21Гершоны фырт
Ладаны байзæддæгтæ, мыггæгты хистæртæ:
Йехиел 22æмæ йæ фырттæ — Зетам æмæ йе
'фсымæр Иоел. Адон сæ цæст дардтой Дуне-
дарæджы хæдзары хæзнатæм.
23Амрамы, Ицхары, Хевроны æмæ Уззиелы
байзæддæгтæ.
24Моисейы фырт Гершомы байзæддаг
Шевуел уыди хæзнатæм хистæр цæстда-
рæг. 25Гершомы æфсымæр Елиезеры бай-
зæддæгтæ: йæ фырт — Рехави, уый фырт
Исайа, уый фырт Йорам, уый фырт Зихри,
уый фырт Шеломот. 26Ацы Шеломот æмæ
йе 'фсымæртæ сæ цæст дардтой, паддзах
Давид, мыггæгты хистæртæ, миныхицæуттæ,
сæдæйыхицæуттæ æмæ æфсады хицæут-
тæ кæй рауæлдай кодтой, уыцы æппæт уаз
хæзнатæм. 27Хæстон æфтиагæй-иу снывонд
кодтой Дунедарæджы хæдзарæн. 28пехуым-
пар Самуел, Кишы фырт Саул, Неры фырт
Авнер æмæ Церуайы фырт Йоав цыдæрид-
дæр снывонд кодтой, уыдонмæ — æппæт
лæвæрттæм дæр — сæ цæст дардтой Шеломот
æмæ йе 'фсымæртæ.
29Ицхары байзæддагæй: Кенаниа æмæ
йæ фырттæ. Адон Кувæндоны нæ куыстой,
Израилæн сæ баурæдтой бæрнылæгтæ æмæ
тæрхоны лæгтæй.
30Хевроны байзæддагæй: Хашавиа æмæ
йе 'рвадæлтæ, мин æмæ авдсæдæ лæджы,
æхсарджын адæм. Уыдон сæ цæст дардтой
Израилы Иорданæй ныгуылæнæрдæм Дуне-
дарæгæн куыд лæггад кæнынц, уымæ, стæй
паддзахады æппæт хъуыддæгтæм. 31Хевро-
ны байзæддæгтæн сæ сæргъы лæууыд Йериа.
Давиды паддзахдзинады дыууиссæдзæм
аз æркастæуыд Хевроны артæй рацæуæг
мыггæгтæм, æмæ дзы Галаады сахар Йазе-
ры разынди сæрæн лæгтæ. 32Паддзах Давид
Йериайы æмæ уымæн йе 'рвад-æфсымæр-
ты — дыууæ мины æмæ авдсæдæ сæрæн
лæджы, мыггæгты хистæрты — баурæдта
Рувимы æмæ Гады хæдзарвæндæгты сæргъы,
стæй Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбисы
сæргъы, цæмæй сæ цæст дарой Израилы ди-
ны æмæ паддзахады æппæт хъуыддæгтæм.

**27** Мæнæ, афæдзы дæргъы-иу паддзахæн
мæйгай лæггад кæнынмæ чи æрбацыд, уы-
цы æфсæддон къордтæ. Алы къорд дæр-иу
æрбацыд йæ рады, иу мæйы æмгъуыдмæ.
Къордтæй алкæцыйы дæр уыди цыппар
æмæ ссæдз мин израиладжы, уыдонимæ
мыггæгты хистæртæ, миныхицæуттæ, сæ-
дæйыхицæуттæ, бæрнылæгтæ — æфсæддон
къордтимæ баст алы хъуыддæгты паддзахæн
чи лæггад кодта, уыдон.

**26:18** *Парбар* (йæ бæлвырд нысаниуæг бæрæг нæу) – кæрт кæнæ тыргъ Йерусалимы Кувæндоны ныгуылæнварс.

2Фыццаг мæйы къорды хицау — Завдие-
лы байзæддаг Йашовам; уыди йæм цыппар
æмæ ссæдз мин хæстоны. 3Уый уыди Паре-
цы байзæддæгтæй, фыццаг мæйы къорды
æфсады хицæуттæн сæ хистæр. 4Дыккаг
мæйы къорды хицау — Ахохийы байзæддаг
Додай; йæ сæйраг хæстон фæтæг — Миклот,
уыдис æм цыппар æмæ ссæдз мин хæстоны.
5Æртыккаг мæйы къорды хицау — алчер
Йеходайы фырт Бенайа; уыди йæм цыппар
æмæ ссæдз мин хæстоны. 6Ацы Бенайа уы-
ди Дæс æмæ ссæдз æхсарджынæй иу. Фæс-
тæдæр сси сæ хистæр, æмæ уæд æртыккаг
мæйы къорды сæргъы æрлæууыд йæ фырт
Аммизавад. 7Цыппæрæм мæйы къорды хи-
цау — Йоавы æфсымæр Асаел, фæстæдæр æй
аивта йæ фырт Зевадиа; уыди йæм цыппар
æмæ ссæдз мин хæстоны. 8Фæндзæм мæйы
къорды хицау — Зерахы байзæддаг Шамхут;
уыди йæм цыппар æмæ ссæдз мин хæсто-
ны. 9Æхсæзæм мæйы къорды хицау — Ике-
шы фырт Ира, текоайаг; уыди йæм цыппар
æмæ ссæдз мин хæстоны. 10Æвдæм мæйы
къорды хицау — пелетаг Хелец, Ефремы
байзæддæгтæй; уыди йæм цыппар æмæ
ссæдз мин хæстоны. 11Æстæм мæйы къорды
хицау — хушайаг Сибехай, Зарахы мыггагæй;
уыди йæм цыппар æмæ ссæдз мин хæстоны.
12Фарæстæм мæйы къорды хицау — анатотаг
Авиезер, Бениамины мыггагæй; уыди йæм
цыппар æмæ ссæдз мин хæстоны. 13Дæсæм
мæйы къорды хицау — нетофаг Махрай, За-
рахы мыггагæй; уыди йæм цыппар æмæ
ссæдз мин хæстоны. 14Иуæндæсæм мæйы
къорды хицау — пиратонаг Бенайа, Ефре-
мы байзæддæгтæй; уыди йæм цыппар æмæ
ссæдз мин хæстоны. 15Дыууадæсæм мæйы
къорды хицау — нетофаг Хелдай, Гофниелы
мыггагæй; уыди йæм цыппар æмæ ссæдз
мин хæстоны.

16Израилы хæдзарвæндæгты разамон-
джытæ: Рувимы байзæддæгтæн — Зихрийы
фырт Елиезер; Симеоны байзæддæгтæн —
Маахайы фырт Шефати; 17левиттæн — Ке-
муелы фырт Хашавиа; Аароны байзæд-
дæгтæн — Цадок; 18иудейæгтæн — Елигу,
Давиды æфсымæртæй; Иссахары хæдзар-
вæндагæн — Михаелы фырт Омри; 19Зеву-
лоны фæдонтæн — Овадийы фырт Ишма-
йа; Неффалимы байзæддæгтæн — Азриелы
фырт Йеримот; 20Ефремы хæдзарвæнда-
гæн — Азазиайы фырт Осиа; Менассиайы
хæдзарвæндаджы иу æмбисæн — Педаиайы
фырт Иоел; 21Менассиайы хæдзарвæндаджы
иннæ æмбисæн, Галаады — Захариайы фырт
Иддо; Бениамины байзæддæгтæн — Авнеры
фырт Йасиел; 22Даны хæдзарвæндагæн — Йе-
рохамы фырт Азарел.

Адон уыдысты Израилы хæдзарвæндæгты
разамонджытæ.

23Давид сфысты хыгъдмæ нæ хаста ссæдз-
аздзыдты æмæ уыдонæй кæстæрты, уымæн
æмæ Дунедарæг зæрдæ бавæрдта Израилы
адæмы арвы стъалытау сбирæ кæнынæй.
24Церуайы фырт Йоав райдыдта адæмы ны-
майын, фæлæ йын кæронмæ нæ бантыст,
уымæн æмæ уый тыххæй Хуыцауы маст
рафыхт Израилмæ, æмæ ацы сфыст паддзах
Давиды азфыстыты чиныгмæ нæ бацыд.

25Паддзахы æфтауцуатмæ йæ цæст дардта
Адиелы фырт Азмавет; хуымты бæркадмæ,
стæй сахартæ, хъæутæ æмæ фидæртты æф-
тауцмæ — Узийайы фырт Йонатан; 26зæхкус-
джыты куыстмæ — Келувы фырт Езри; 27сæн-
дæттæм — рамайаг Шими, сæны быркуытæм
та — шефамаг Завди; 28Шефелайы оливæ
бæлæстæ æмæ легъуи бæлæстæм — гедераг
Баал-Ханан, сойы æвæрæнтæм та — Йоаш;
29Шароны цы стурвос хызти, уыдонмæ — ша-
ройнаг Шитрай, дæлвæзты стурвосмæ та —
Адлайы фырт Шафат; 30теуатæм — Измаелы
байзæддаг Овил; хæрджытæм — меронотаг
Йехди; 31лыстæг фосмæ — агараг Йазиз.

Адон се ’ппæт дæр уыдысты паддзах Да-
виды исбонмæ цæстдарджытæ.

32Давиды фыды ’фсымæр Йонатан уы-
ди уынаффæйы лæг, зонддҗын æмæ аху-
ыргонд; Хахмонийы фырт Йехиел уыди
паддзахы фыртты хъомылгæнæг; 33Ахи-
тофел — паддзахы уынаффæйы лæг; аркаг
Хушай — паддзахы лымæн. 34Ахитофелы
фæстæ уынаффæйы лæгтæ систы Бенайа-
йы фырт Йехода æмæ Авиафар. Йоав уыди
паддзахы æфсады хицау.

**28** Давид Йерусалиммæ æрхуыдта Израилы
æппæт раздзæуджыты: хæдзарвæндæгты
хистæрты, паддзахы æфсæддон къордты хи-
цæутты, миныхицæутты, сæдæйыхицæутты,
паддзахы æмæ йæ фыртты исбонмæ æмæ
фосмæ кæсджыты, ноджы ма паддзахы бар-
джынты, йе ’хсарджынты æмæ æппæт иннæ
зынгæ лæгты. 2Паддзах Давид сыстад æмæ
загъта: «Байхъусут мæм, ме ’фсымæртæ, мæ
адæм! Мæ зæрды уыди, Дунедарæджы Фи-
дыды Чырын, нæ Хуыцауы къаххæрæвæрæн,
кæм æрæнцой кæна, ахæм хæдзар саразын,
æрцæттæ йын кодтон аразæн æрмæг дæр.
3Фæлæ мын Хуыцау загъта: „Мæ номыл хæ-
дзар аразæг Ды нæ уыдзынæ, уымæн æмæ

ды хæстон лæг дæ æмæ туг ныккалдтай.“
4 Æцæг, Дунедарæг, Израилы Хуыцау, мæ
фыды æппæт бинонтæй равзæрста мæн,
цæмæй мыггагмæ уон Израилы паддзах.
Фæтæгæй равзæрста Иудæйы, Иудæйы хæ-
дзарвæндагæй равзæрста мæ фыды бинонты,
мæ фыды фырттæй та баввæрсыд мæныл,
цæмæй суон æппæт Израилы паддзах. 5 Бирæ
фырттæ мын радта Дунедарæг, æмæ æппæт
уыдонæй равзæрста мæ фырт Соломоны,
цæмæй Дунедарæджы паддзахы бадæны
æрбада Израилы сæргъы. 6 Афтæ мын загъ-
та: „Дæ фырт Соломон Мын сараздзæн Мæ
Хæдзар æмæ Мæ кæртытæ, уымæн æмæ
йæ Мæхицæн равзæрстон фыртæн — Æз
уыдзынæн йæ Фыд. 7 Йæ паддзахдзинад ын
сфидар кæндзынæн мыггагмæ, нырау Мын
Мæ фæдзæхстытæ æмæ Мæ уагæвæрдтæ
зæрдиагæй куы æххæст кæна, уæд“. 8 Гъемæ
уын ныр Дунедарæджы адæмы, æппæт Изра-
илы, раз æмæ нæ Хуыцауы раз фæдзæхсын:
нымайут Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, æп-
пæт фæдзæхстытæ æмæ сæ æххæст кæнут,
цæмæй ацы хорз зæхх баззайа сымахæн
æмæ йæ уæ фæстæ уæ байзæддагæн фыдæй-
фыртмæйы исбонæн ныууадзат мыггагмæ.
9 Ды дæр, мæ хъæбул Соломон, зон дæ фыды
Хуыцауы æмæ Йын кус зæрдиагæй, удуæл-
дайæ, уымæн æмæ Дунедарæг уыны алкæй
мидзæрдæ, зоны алы фæнд. Куы Йæ агурай,
уæд дын раргом кæндзæн Йæхи, намæ Йыл
куы сыстырзæрдæ уай, уæд та дыл бахъоды
кæндзæни мыггагмæ. 10 Хъусыс, Дунедарæг
дæу равзæрста Кувæндон аразынæн. Фидар
лæуу æмæ бавнал!»

11 Давид йæ фырт Соломонæн радта хах-
нывтæ саразинаг Кувæндонæн, тыргътæн,
агъуыстытæн, хæзнадæттæн, уæллаг æмæ
мидæггаг уæттæн æмæ, тæригъæдтæ барст
кæм цæуынц, уыцы бынатæн; 12 ноджы ма
йæм цы саразыны фæндтæ уыди, уыдæтты
хахныв дæр: Дунедарæджы хæдзары кæрты-
тæн, йæ алыварс æппæт хатæнтæн, Хуыцауы
хæдзары хæзнадæттæн æмæ уаз хæзнаты
æвæрæнтæн. 13 Давид бафæдзæхста сауджын-
тæ æмæ левитты къордты тыххæй, Дуне-
дарæджы хæдзары алы лæггады тыххæй,
Дунедарæджы хæдзары аргъауынæн хъæугæ
æппæт мигæнæнты тыххæй. 14 Давид снысан
кодта аргъауынæн хъæугæ сыгъзæрин ми-
гæнæнтæн сæ алкæцыйы сыгъзæрины уæз,
аргъауынæн хъæугæ æвзист мигæнæнтæн
сæ алкæцыйы æвзисты уæз; 15 сыгъзæрин цы-
рагъдарæнтæ æмæ цырæгъты сыгъзæрины
уæз, æвзист цырагъдарæнтæ æмæ цырæгъты
æвзисты уæз — алы цырагъдарæнæн дæр йæ
нысанмæ гæсгæ; 16 кувæггаг дзултæ кæуыл
æрæвæрдæуы, уыцы фынгтæн сæ алкæцыйы
сыгъзæрины уæз, æвзист фынгтæн се ’взис-
ты уæз; 17 фыдистæ, кæхцытæ æмæ къустæн
сæ сыгъдæг сыгъзæрины уæз, сыгъзæрин
тæбæгътæн сæ алкæцыйы сыгъзæрины уæз,
æвзист тæбæгътæн сæ алкæцыйы æвзисты
уæз; 18 будсудзæн нывондхæссæнæн йæ сыгъ-
дæг сыгъзæрины уæз, стæй уæрдонæн — ома
йæ тыгъд базыртæй Дунедарæджы Фидыды
Чырын чи æмбæрзы, уыцы херувимтæн — йæ
сыгъзæрины уæз.

19 Адæттæ се ’ппæт дæр фыст сты Дуне-
дарæджы амындтыты хыгъды — Йæхæдæг
бацамыдта, алцыдæр куыд аразгæ у, уый.

20 Давид ма ноджыдæр загъта йæ фырт Со-
ломонæн: «Фидар лæуу æмæ у æхсарджын!
Араз Кувæндон! Мацæмæй тæрс, ма асæттæд
дæ ныфс, уымæн æмæ дыл ауды Дунедарæг
Хуыцау, мæ Хуыцау. Уый дыл Йæхи нæ атигъ
кæндзæн, нæ дæ ныууадздзæн, æххуыс дын
кæндзæни, цалынмæ Дунедарæджы хæдзар
арæзт фæуа, суанг уæдмæ. 21 Сауджынтæ
æмæ левитты къордтæ цæттæ сты Хуыца-
уы хæдзары алы куыстмæ дæр. Дæ бæр-
ны сты алы хъуыддагмæ дæр цæттæ æмæ
арæхстджын адæм, дæ алы фæндон дæр
дын æххæст кæндзысты хицæуттæ æмæ
æппæт дзыллæ».

**29** Паддзах Давид загъта Израилы адæмæн:
«Мæ фырт Соломон (Хуыцау æрмæстдæр уый
равзæрста) нырма æвзонг æмæ æвæлтæрд у,
ацы хъуыддаг та тынг стыр у, уымæн æмæ
ацы галуан адæймаджы нæ, фæлæ Дунеда-
рæг Хуыцауы уыдзæн. 2 Æз ме ’ппæт тыхтæ
бахардз кодтон ууыл, цæмæй мæ Хуыцауы
хæдзарæн æрцæттæ кæнон æрмæг: сыгъ-
зæрин дзауматæн — сыгъзæрин, æвзист
дзауматæн — æвзист, æрхуы дзауматæн —
æрхуы, æфсæйнаг дзауматæн — æфсæйнаг,
хъæдын дзауматæн — хъæдæрмæг; оникс,
фæлгæты бавæргæ дуртæ, налхъуыт-нал-
мастæ æмæ алы зынаргъ дуртæ, стæй бирæ
мрамор. 3 Ис ма мæм мæхи сыгъзæрин æмæ
æвзист дæр, æмæ мæ Хуыцауы хæдзар кæй
уарзын, уый тыххæй сæ дæттын, ацы сыгъ-
дæг хæдзарæн цы æрцæттæ кодтон, æппæт
уыдæтты уæле: 4 офираг сыгъзæрины æртæ
мин таланты æмæ сыгъдæг æвзисты авд
мин таланты. Уыдонæн сæ иу хай уыдзæн
агъуыстыты къултæ фæлындынæн, 5 иннæ
хай та — сыгъзæрин æмæ æвзист дзауматæн,
стæй æрмдæсныты алы мийæн. Кæй ма уæ

фæнды абон йæ рæдау мысайнаг Дунеда-
рæгæн рауæлдай кæнын?»
6Æмæ райдыдтой мысайнæгтæ дæттын
Израилы мыггæгты æмæ хæдзарвæндæгты
хистæртæ, миныхицæуттæ, сæдæйыхицæут-
тæ, стæй паддзахы исбонмæ цæстдарджытæ
дæр. 7Хуыцауы хæдзар саразынæн радтой
сыгъзæрины фондз мин таланты æмæ дæс
мин сыгъзæрин драхмæйы, æвзисты дæс
мин таланты, æрхуыйы æстдæс мин талан-
ты æмæ æфсæйнаджы сæдæ мин таланты.
8Зынаргъ дуртæ кæмæ уыд, уыдон дæр сæ
радтой Дунедарæджы хæдзары хæзнадон-
мæ, Гершоны байзæддаг Йехиелы къухтæм.
9Адæм цин кодтой, Дунедарæгæн афтæ зæр-
диагæй кæй хастой сæ мысайнæгтæ, ууыл.
Цинæй ради паддзах Давиды зæрдæ дæр.
10Давид æппæт адæмы раз раарфæ кодта
Дунедарæгæн. Скуывта: «Арфæгонд у мыг-
гагæй-мыггагмæ, Дунедарæг, нæ фыдæл
Израилы Хуыцау! 11Дæу сты, Дунедарæг,
стырад æмæ хъомыс, кад, уæлахиз æмæ цыт.
Арв æмæ зæххыл цыдæриддæр ис, уыдон
Дæу сты. О Дунедарæг, паддзахад Дæу у,
Ды дæ йæ Хицау æмæ Дæуæй уæлдæр ницы
ис. 12Дæуæй цæуынц бæркад æмæ цыт, Ды
кæныс æлдариуæг алцæмæн. Дæ къухы сты
хъару æмæ хъомыс, Дæу бон у алкæй дæр
сбæрзонд кæнын æмæ йын хъомыс раттын.
13Ныр Дын, нæ Хуыцау, арфæ кæнæм æмæ
Дын æппæлæм Дæ уаз номæй. 14Чи дæн æз
æмæ чи сты мæ адæм, цæмæй ахæм мысай-
нæгтæ нæхи хъомысæй дæттæм? Дæ лæвар у
алцыдæр, æмæ, Дæ къухæй цы райстам, уый
Дын радтам фæстæмæ. 15Не 'ппæт фыдæл-
тау мах дæр Дæ разы æрцæуæггæгтæ стæм,
рæстæгмæцæрджытæ. Нæ царды бонтæ ацы
зæххыл ауунæй уæлдай не сты, ницы ныфс
нæм ис. 16О Дунедарæг, нæ Хуыцау! Дæ уаз
номæн Дын хæдзар саразынæн цы бирæ
æрцæттæ кодтам, уый æппæт дæр Дæ лæ-
вар у æмæ æппæт дæр Дæу у. 17Зонын, мæ
Хуыцау, Ды уыныс адæмы зæрдæтæ æмæ
уарзыс сыгъдæгзæрдæты. Æз Дын мæ сыгъ-
дæг зæрдæйæ рауæлдай кодтон æппæт адон.
Зæрдæрайгæйæ федтон, ам Дын цы адæм
ис, уыдон Дын сæ мысайнæгтæ зæрдиагæй
куыд дæттынц, уый дæр. 18О Дунедарæг, нæ
фыдæлтæ Авраам, Исаак æмæ Израилы Ху-
ыцау! Мыггагмæ бахъахъхъæн Дæ адæмæн
йæ ацы зæрдæйы уаг, цæмæй Дыл ма сивой
сæ зæрдæ. 19Мæ фырт Соломоны иузæрди-
он скæн Дæхицæн, Де 'ппæт фæдзæхстытæ,
уынаффæтæ æмæ уагæвæрдтæ Дын куыд
æххæст кæна æмæ, æрмæг цы галуанæн
бацæттæ кодтон, уый куыд сараза».
20Давид басидт æппæт адæммæ дæр: «Ар-
фæ ракæнут Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн!»
Æмæ æппæт адæм раарфæ кодтой Дунеда-
рæгæн, сæ фыдæлты Хуыцауæн, ныддæлгом
сты Дунедарæджы раз æмæ паддзахы раз.
21Уый фæстæ бон Дунедарæджы номыл
аргæвстой кусæрттæгтæ æмæ Йын æрхас-
той иууылсудзинæгтæ: мин галы, мин фы-
сы æмæ мин уæрыччы, уыдонимæ — сæн.
Аргæвстой ма бирæ æндæр кусæрттæгтæ
дæр æппæт Израилы номæй. 22Уыцы бон
тынг зæрдæхъæлдзæгæй фæминас кодтой,
фæнуæзтой Дунедарæджы раз. Дыккаг хатт
паддзахæй расидтысты Давиды фырт Соло-
моны; байсæрстой йæ, цæмæй æлдариуæг
кæна Дунедарæджы номыл, Цадокы та бай-
сæрстой сауджынæй.
23Соломон йæ фыд Давиды бæсты паддза-
хæй æрбадти Дунедарæджы бадæныл. Уыд
æнтыстджын, æмæ йæм хъуыстой æппæт
Израилы адæм дæр. 24Паддзах Соломонæн,
иузæрдион ыл кæй сты, уый тыххæй ард ба-
хордтой æппæт хицæуттæ, гуыппырсартæ
æмæ Давиды иннæ фырттæ дæр. 25Дунедарæг
Соломоны тынг скадджын кодта æппæт Из-
раилы цæсты, радта йын, йæ размæ Израилы
иунæг паддзахмæ дæр чи нæма уыд, ахæм
цытджын паддзахад.
26Йессейы фырт Давид уыд æппæт Изра-
илы паддзах. 27Дыууиссæдз азы уый уыди
Израилы паддзах: авд азы паддзахиуæг фæ-
кодта Хевроны, æртындæс æмæ ссæдз азы
та — Йерусалимы. 28Амарди хæрз зæрондæй,
цардæй дæр, мулкæй дæр æмæ кадæй дæр
бафсæсти, афтæмæй. Йæ бæсты паддзах
сси йæ фырт Соломон. 29Паддзах Давиды
хъуыддæгтæ райдианæй кæронмæ фыст сты
зонынджын Самуелы азфыстыты, пехуым-
пар Натаны азфыстыты æмæ зонынджын
Гады азфыстыты. 30Уыдон кæрæй-кæронмæ
дзурынц йæ паддзахдзинадыл æмæ йæ бар-
хъомысыл, стæй, паддзах Давидыл, Израи-
лыл æмæ æппæт зæххон паддзахæдтыл цы
хабæрттæ æрцыд, уыдæттыл.

# Дыккаг чиныг

# Азфыстытæ

Азфыстыты дыккаг чиныджы дарддæр æвдыст цæуы Израилы адæмы истори Чырыстийы райгуырды агъоммæ X æнусæй VI æнусы онг. 1–9 сæрты дзырдæуы Соломоны паддзахиуæджы заман æмæ Хуыцауы Кувæндоны арæзтады тыххæй, 1–36 сæрты та — Израил дыууæ паддзахадыл куыд адих ис, Иудейы хуссайраг паддзахадæн Соломоны байзæддæгтæ разамынд куыд лæвæрдтой, уыдæттыл. Паддзахæдты чиныгæй хъауджыдæр, ацы чиныджы Израилы цæгатаг паддзахады кой ис æрмæстдæр хуссайраг паддзахады хъуыддæгтимæ баст бынæтты.

Фыццаг чиныджы куыд у, афтæ ам дæр автор уæлдай æргом здахы, Хуыцауы Кувæндон Йерусалимы цас ахсджиаг у, стæй сауджынтæ æмæ левиттæ паддзахадон хъуыддæгты куыд архайынц, уыцы фæрстытæм. Паддзахæдты чингуытау ацы чиныджы дæр зынгæ бынат ахсынц пехуымпартæ.

Азфыстыты чингуытæ фæвæййынц, паддзах Кир дзуттæгты Йерусалиммæ раздахыны тыххæй цы бардзырд рахаста, уымæй. Ацы бардзырд Израилы адæмы вавилойнаг уацары размæйы истори бæтты сæ дарддæры, сæхи зæххыл, фæлæ персайнаг паддзæхты дæлбар куы цардысты, уыцы историимæ. Уый фыст æрцыди Езра æмæ Неемиайы чингуыты.

---

**1** Давиды фырт Соломон æрфидар ис йæ
паддзахады. Дунедарæг ыл аудыдта, бирæ
хъомыс ын радта.
2Соломон æгас Израилмæ фæсидти: ми-
ныхицæуттæ æмæ сæдæйыхицæуттæм,
тæрхонгæнджытæ æмæ Израилы хæдзар-
вæндæгты хистæртæм. 3Æмæ æппæт æмбыр-
димæ ацыди Гивонмæ, кувæн къуыбырмæ.
Уым уыди Хуыцауы Уаз Цæрæн, Дунеда-
рæджы цагъар Моисей æдзæрæг быдыры
кæй саразын кодта, уый. 4Хуыцауы Фидыды
Чырын йæ заманы Давид Кирйат-Иаримæй
æрбахаста, Йерусалимы йын цы бынат скод-
та, уырдæм. 5Фæлæ æрхуы нывондхæссæн,
Урийы фырт, Хуры фырты фырт Бецалел
кæй сарæзта, уый, лæууыди Дунедарæджы
Цатыры раз. Соломон æмæ, цы адæм æрæм-
бырд ис, уыдон иууылдæр Дунедарæгæн
бакуывтой. 6Соломон, Фембæлды Цатыры
раз цы æрхуы нывондхæссæн лæууыд, уымæ
ссыди æмæ уым, Дунедарæджы раз, æрхаста
мин иууылсудзинаг нывонды.
7Уыцы æхсæв Хуыцау Соломонмæ раргом
ис æмæ йын загъта: «Дæ зæрдæ цыдæриддæр
зæгъы, уый Мæ ракур».
8Соломон загъта: «Ды Де стыр хорзæхты
аккаг скодтай мæ фыд Давиды æмæ йын йæ
паддзахы бадæны йæ фæстæ мæн æрбадын
кодтай. 9Гъемæ уæдæ, о Дунедарæг Хуыцау,
мæ фыд Давидæн зæрдæ цæмæй бавæрдтай,
уый сæххæст уæд. Зæххы рыгау банымайæн
дæр кæмæн нæй, уыцы адæмы сæргъы мæ
сæвæрдтай паддзахæй, 10æмæ Дæ курын,
куырыхон зонд æмæ мын зонындзинæдтæ
ратт, цæмæй ацы адæмæн разамынд дæт-
тынмæ сарæхсон. Науæд кæй бон суыдзæн
Дæ бирæ адæмæн хицауиуæг кæнын?»
11Хуыцау Соломонæн загъта: «Дæ зæрдæ-
йы фæндон ахæм кæй уыди, дæхицæн Мæ
хъæздыгдзинад, алы хæзнатæ, дæ фыдгулты
мæлæт æмæ бирæ цæрæнбон кæй нæ ра-
куырдтай, æрмæстдæр Мæ куырыхон зонд
æмæ зонындзинæдтæ кæй куырдтай, цæмæй,
паддзахæй дæ кæмæн сæвæрдтон, Мæ уыцы
адæмæн уаг æвæрын фæразай, 12уый тыххæй
дын куырыхон зонд æмæ зонындзинæдтæ
лæвæрд уыдзысты. Мулк, хæзнатæ æмæ кад
та дын ахæмтæ ратдзынæн, æмæ дæ размæ
дæр, стæй дæ фæстæ дæр иу паддзахмæ дæр
уый бæрц никуы уыди».
13Соломон Гивоны куывддонæй, Фембæл-
ды Цатыры цурæй, Йерусалиммæ æрыздæхт
æмæ Израилæн паддзахиуæг кæнын рай-
дыдта. 14Уыдис æм бирæ хæцæн уæрдæт-
тæ æмæ бæхтæ. Иу мин цыппар сæдæ йæм
уыди хæцæн уæрдæттæ, дыууадæс мины
та — бæхтæ. Дардта сæ, хæцæн уæрдæтты
æфтауцуатæн кæй сарæзта, уыцы сахарты,

сæ иу хай та сын ныууагъта Йерусалимы.
15Йæ заманы æвзист æмæ сыгъзæрин Йеру-
салимы сарæх сты хуымæтæг дуртау, кедртæ
та — хохрæбын цы сикомортæ зайы, уыдонау.
16Соломонæн бæхтæ ластой Мысырæй,
стæй Кувæйæ дæр. Уым сæ асламдæрæй æл-
хæдтой паддзахы сæудæджертæ. 17Тохуæр-
дæттæ дæр ластой Мысырæй. Иу уæрдонæн
йæ аргъ уыди æвзисты æхсæзсæдæ шекелы,
иу бæхæн та — сæдæ фæндзай шекелы. Со-
ломоны сæудæджертæ-иу дзы уый фæстæ
хеттаг æмæ сириаг паддзæхтæн дæр ауæй
кодтой.

**2** Соломон сфæнд кодта Дунедарæджы но-
мыл Кувæндон саразын, йæхицæн та — пад-
дзахы галуан. 2Æвдай мин лæджы снысан
кодта уæргътæ хæссынæн, æстай мины та —
дуркъахæнты дуртæ фадынæн. Сæ сæр-
гъы сын сæвæрдта æртæ мин æхсæзсæдæ
цæстдарæджы.
3Соломон Тиры паддзах Хираммæ ми-
нæвæрттæ арвыста ахæм курдиатимæ: «Мæ
фыд Давид йæхицæн галуан куы арæзта,
уæд ын хорз баххуыс кодтай, æрбарвыстай
йын кедр бæлæсты хъæдæрмæг. 4Ныр æз та
Дунедарæджы, Мæ Хуыцауы, кадæн аразын
Кувæндон, цæмæй Йæ разы буд судзон æмæ
Дунедарæджы раз æдзухдæр афойнадыл
æвæрон кувæггаг дзултæ; цæмæй Йын са-
бæттæ, мæйногтæ æмæ иннæ бæрæгбæтты
рæстæг райсомæй дæр æмæ изæрæй дæр
хæссон иуулсудзинаг нывæндтæ, Израилы
адæмæн мыггагмæ куыд бафæдзæхстæуыд,
афтæ. 5Цы Кувæндон аразын, уый стыр уы-
дзæн, уымæн æмæ нæ Хуыцау дæр стыр
у — æппæт хуыцæуттæй стырдæр. 6Кæй бон
суыдзæн Уымæн Кувæндон саразын, уæларв
æмæ Йыл уæлдунетæ дæр куы не 'ххæссынц,
уæд? Стæй æз дæр чи дæн, цæмæй Уымæн
Кувæндон саразон? Кæд Ын æрмæст Йæ
разы хæрздæфгæнæнтæ судзынæн исты
саразон. 7Уæдæ мын æрбарвит, сыгъзæрин,
æвзист, æрхуы æмæ æфсæйнагимæ кусынмæ
чи арæхсы, сæнт сырх, сырх-сырхид æмæ
æрвхуыз хъуымæцтæ уафын, стæй нывæ-
фтауæджы куыст чи зоны, ахæм æрмдæс-
ныйы. Иудей æмæ мын Йерусалимы цы
æрмдæснытæ ис, уыдонимæ мын кусæд.
Уыцы æрмдæсныты кæддæр мæ фыд Давид
равзæрста. 8Ливанæй мын æрбарвит кедртæ,
кипаристæ æмæ зынаргъ хъæдæрмæг алмуг.
Дæ кусджытæ ливайнаг бæлæстæ калынмæ
хорз арæхсынц, уый зонын, æмæ сæм мæ
кусджытæ дæр фæкæсдзысты, 9цæмæй мын
бирæ хъæдæрмæг æрцæттæ кæной. Уымæн
æмæ, æз цы Кувæндон аразын, уый хъуамæ
уа стыр æмæ æвæджиауы рæсугъд. 10Дæ
хъæддзаутæн дын æз ратдзынæн ссæдз мин
коры мæнæу, иу уый бæрц та — хъæбæрхор,
стæй ссæдз мин баты сæн æмæ иу уый бæрц
та — оливæйы сой».
11Тиры паддзах Хирам Соломонмæ æрбар-
выста фыстæг: «Дунедарæг Йæ адæмы кæй
уарзы, уый тыххæй дæ равзæрста уыдонæн
паддзахæй. 12Арфæгонд у Дунедарæг, Изра-
илы Хуыцау, арв æмæ зæхх Чи сфæлдыста,
паддзах Давидæн ахæм куырыхон фырты
Чи радта, арфуынæг зондæй хайджын чи у,
Дунедарæгæн Кувæндон, йæхицæн та паддза-
хы галуан саразын чи сфæнд кодта!» 13Хирам
дарддæр фыста: «Æз æрвитын куырыхон æмæ
бирæзонаг адæймаджы, Хурам-Авиайы. 14Йæ
мад рацыди Даны мыггагæй, йæ фыд та у Ти-
ры сахайраг. Хурам-Авиа арæхсы сыгъзæрин,
æвзист, æрхуы, æфсæйнаг, дур æмæ хъæдæр-
мæгимæ кусынмæ, сæнт сырх, сырх-сырхид
æмæ æрвхуыз тæбынæй, стæй лыстæг гæнæй
уафынмæ. Нывæфтауынмæ дæр, стæй йын
цыдæриддæр бабар кæной, уыцы куыстытæй
алцæмæ дæр арæхсы. Де 'рмдæснытæ æмæ мæ
хицауы, паддзах Давиды, æрмдæснытимæ
кусдзæни. 15Мæнæу, хъæбæрхор, сой æмæ
сæны кой скодтай, æмæ-иу уыдон та дæхи
кусджытæн рарвит. 16Мах дын Ливаны бæ-
лæстæй хъæдæрмæгæн акалдзыстæм, цас дæ
бахъæуа, уыйас æмæ дын сæ тъиуибæстытæй
денджызыл Яффомæ бахæццæ кæндзыстæм.
Ды та-иу сæ уырдыгæй Йерусалиммæ алас».
17Соломон банымайын кодта, Израилы
зæххыл чи царди, уыцы æрцæуæггæгты,
уымæй размæ Давид куыд бакодта, афтæ.
Соломоны сфыстмæ гæсгæ сæ нымæц уыди
сæдæ фæндзай æртæ мин æхсæз сæдæ. 18Уы-
донæй Соломон æвдай мин лæджы бафтыдта
æргъæмттæ хæссыныл, æстай мины — къæ-
дзæхты дуртæ фадыныл, æртæ мин æхсæзсæ-
дæ лæджы та сын сæвæрдта цæстдарджытæй,
цæмæй сæ куыстмæ разæнгард кæной.

**3** Соломон Дунедарæджы Кувæндон аразын
райдыдта Йерусалимы, Мориайы хохыл,
кæддæр Дунедарæг йæ фыд Давидмæ кæм
раргом ис, уым, йевусаг Орнаны мусуатыл.
Орнан йевусæгтæй уыди. 2Аразын та йæ
райдыдта йæ паддзахиуæджы цыппæрæм
аз, дыккаг мæйæн йæ дыккаг бон.

3Соломон Хуыцауы Кувæндонæн скод-
та ахæм бындур: йæ дæргъ — æртиссæдз

æлмæрины, йæ уæрх — ссæдз æлмæрины.
4Кувæндоны тыргъæн йæ уæрх уыди ссæдз
æлмæрины, агъуыстæн йæхи уæрхмæ гæсгæ,
йæ бæрзæнд та — æртиссæдз æлмæрины. Йæ
мидæггаг къултæ йын Соломон састæрдта
сыгъдæг сыгъзæринæй. 5Кувæндоны сæйраг
агъуысты къултæ мидæгæй састæрдта кипа-
рисы фæйнæджытæй, уыдон та — сыгъдæг
сыгъзæринæй æмæ сæ сфæлыста пальмæтæ
æмæ рæхысты нывæфтыдтæй. 6Ноджы ма
йæ саив кодта зынаргъ дуртæ æмæ Парваи-
мæй ласт сыгъзæринæй. 7Кувæндоны агъу-
ыст, хъайванæй, асинæй, къулæй, дуарæй,
састæрдта сыгъзæринæй. Къултыл скæнын
кодта херувимты нывæфтыдтæ. 8Уый фæстæ
сарæзта Рухсмонуат. Йæ уæрх уыди ссæдз
æлмæрины, Кувæндоны уæрхмæ гæсгæ, йæ
дæргъ дæр — ссæдз æлмæрины. Йæ састæ-
рынæн бахардз кодта сыгъдæг сыгъзæрины
æхсæзсæдæ таланты. 9Сыгъзæрин зæгæлтæн
сæ уæз уыди фæндзай шекелы. Уæллаг уæт-
тæ дæр иуылдæр састæрдта сыгъзæринæй.
10Рухсмонуаты мидæг хъæдæрмæгæй сарæз-
та дыууæ базыртыгъд херувимы æмæ сæ сас-
тæрдта сыгъзæринæй. 11Сæ базырты дæргъ
иумæйагæй — ссæдз æлмæрины. Сæ иуæн
йæ иу базыры дæргъ уыди фондз æлмæрины
æмæ æндзæвыд агъуысты иу къулыл, йæ ин-
нæ базыр дæр — фондз æлмæрины æмæ æн-
дзæвыд иннæ херувимы базырыл. 12Дыккаг
херувимæн дæр йæ иу базыры дæргъ уыди
фондз æлмæрины æмæ æндзæвыд Кувæн-
доны къулыл, йæ иннæ базыр дæр — фондз
æлмæрины æмæ æндзæвыд иннæ херувимы
базырыл. 13Афтæмæй, дыууæ базыртыгъд
херувимæн иу къулæй иннæйы онг сæ иу-
мæйаг дæргъ уыди ссæдз æлмæрины. Лæу-
уыдысты сæ къæхтыл, æмæ се 'ргом арæзт
уыди Кувæндоны сæйраг агъуысты 'рдæм.
14Рухсмонуатæн Соломон бауафын кодта ми-
дæмбæрзæн, æрвхуыз, сæнт сырх æмæ сырх-
сырхид æндæхтæй, стæй лыстæг гæнæй.
Сфæлыстой йæ херувимты нывæфтыдтæй.
15Кувæндоны раззаг фарс Соломон сарæзта
дыууæ цæджындзы, сæ алкæцыйы бæрзæнд
дæр — дæс æмæ ссæдз æлмæрины. Сæ цъуп-
пытыл æрсадзынæн та — фæйнæ æфтуаны,
алкæмæн дæр дзы йæ бæрзæнд — фондз
æлмæрины. 16Ноджы сарæзта, Кувæндоны
агъуысты цы рæхыстæ уыди, уыдоны хал-
дихтæ æмæ сæ æфтуантыл бафидар кодта.
Скодта ма гранат фæткъуыйы нывæфтыдтæ
æмæ сæ ныффидар кодта рæхыстыл. 17Цæ-
джындзтæ сæвæрдта Кувæндоны раз: сæ иу —
рахизæрдыгæй, иннæ та — галиуæрдыгæй.
Æмæ рахиз цæджындзæн Соломон радта
ном Йахин, галиуæн та — Боаз.

**4** Соломон сарæзта æрхуы нывондхæссæн:
йæ дæргъ уыди ссæдз æлмæрины, йæ уæрх
дæр — ссæдз æлмæрины, йæ бæрзæнд та —
дæс æлмæрины. 2Джиппы рауагъта тымбыл
æрхуы денджыз, йæ фæтæн — дæс æлмæри-
ны, йæ бæрзæнд — фондз æлмæрины, йæ
зиллакк та — дæс æмæ ссæдз æлмæрины.
3Йæ зиллаккыл бынæй уыди галты нывтæ,
дыууæ рæнхъæй æртыхстысты денджызыл.
Сæ уæрх уыди дæс æлмæрины, денджызи-
мæ уыдысты иу джиппы уагъд. 4Денджыз
лæууыди дыууадæс галыл: æртæ дзы касти
цæгатæрдæм, æртæ — ныгуылæнæрдæм,
æртæ — хуссарæрдæм, æртæ та — скæсæ-
нæрдæм. Сæ чъылдымтæ уыдысты мидæ-
джырдæм, денджызы бынмæ, здæхт. 5Ден-
джызæн йæ бæзн уыди армытъæпæны йас,
йæ был та уыди нуазæны былты хуызæн,
раст, хъоппæг дидинæг куы райхæлы, уый
æнгæс. Дон дзы цыди æртæ мин баты бæрц.
6Ноджы ма Соломон скодта дæс æрхуы
тъæпæнæджы æмæ дзы фондз æрæвæрдта
Кувæндонæн йæ рахизфарс, фондз та — йæ
галиуфарс. Уыдоны мидæг хъуамæ æхсад-
таиккой иууылсудзинæгты уæнгтæ. Æрхуы
денджыз та сауджынтæн конд уыд, сæхи
æхсынæн.
7Ноджы ма скодта дæс цырагъдарæны,
фæткмæ гæсгæ, æмæ сæ Кувæндоны агъуыс-
ты æрæвæрдта, фондз — рахизæрдыгæй,
фондз та — галиуæрдыгæй. 8Ноджы ма са-
рæзта дæс фынджы æмæ сæ Кувæндоны
агъуысты сæвæрдта, фондз — рахизæрдыгæй,
фондз та — галиуæрдыгæй. Сарæзта сæдæ
сыгъзæрин кæхцы, туг пырх кæнынæн. 9Но-
джы ма скодта сауджынты кæрт, стæй стыр
кæрт æмæ кулдуæрттæ кæртмæ цæуынæн.
Кулдуæртты цæджындзтæ састæрдта æр-
хуыйæ. 10Соломон æрхуы денджыз сæвæрдта
рахизæрдыгæй, Кувæндонæн йæ хуссар-скæ-
сæйнаг фисыны цур.
11Ноджы ма Хурам скодта къæртатæ, фый-
йæгтæ, тугпырхгæнæн кæхцытæ. Æмæ уы-
йадыл Хурам фæци, Соломонæн Хуыцауы
Кувæндоны цы куыстытæ кодта, уыдон.
Уый сарæзта: 12дыууæ цæджындзы; дыууæ
кæхцæнгæс æфтуаны цæджындзты цъуп-
пытæн; дыууæ рæхысы кæхцæнгæс æфт-
уантæн; 13цыппарсæдæ гранат фæткъуыйы
згъæрнывтæ кæхцæнгæс æфтуанты рæхыс-
тыл, алы æфтуаныл дæр — дыргъты дыу-
уæ рæнхъы; 14дæс суанцъыйы быцæутыл;

суанцъытыл æвæрд дæс аджы; 15иу æр-
хуы денджыз, йæ быны — дыууадæс галы;
16къæртатæ, фыййæгтæ, фыдистæ. Хурам-
Авиа паддзах Соломонæн Дунедарæджы
Кувæндоны тыххæй цыдæриддæр скод-
та, уыдон иууылдæр уыдысты лæгъзгонд
æмæ æрттиваг æрхуыйæ конд. 17Паддзах сæ
джиппы рауадзын кодта Иорданы дæлвæ-
зы, Суккот æмæ Цередайы ’хсæн, æлыгбын
мæры. 18Соломон æрхуыйæ цы дзауматæ
скæнын бафæдзæхста, уыдон уый бæрц уы-
дысты, æмæ сыл æрхуы цас ацыди, уымæн
банымайæн дæр нæ уыди.

19-22Ноджы ма Соломон саразын кодта Ду-
недарæджы Кувæндоны иннæ дзауматæ
дæр: сыгъзæрин нывондхæссæн; кувæггаг
дзулты фынг; цырагъдарæнтæ — сыгъдæг
сыгъзæринæй конд, сæ цырæгътимæ, Рухс-
монуатмæ бацæуæны раз судзынæн; дидин-
сыф фæлындæнтæ, цырæгътæ, æртыскæнтæ,
иууылдæр — сыгъдæг сыгъзæринæй конд;
хæсгæрдтæ, кæхцытæ, цолпытæ, будсудзæн-
тæ, иууылдæр — сыгъдæг сыгъзæринæй
конд; Кувæндоны дуæрттæ: Рухсмонуаты
дуар æмæ Кувæндоны сæйраг агъуысты дуар,
уыдон дæр уыдысты сыгъзæринæй конд.

**5** Соломон Дунедарæджы Кувæндон са-
разыны æппæт куыстытæ конд куы фæци,
уæд райста, йæ фыд Давид Дунедарæгæн
цы сыгъзæрин æмæ æвзист снывонд кодта,
уыдон, стæй иннæ дзауматæ æмæ сæ Хуы-
цауы Кувæндоны хæзнадæтты бафснайдта.

2Паддзах Соломон басидт Израилы хис-
тæртæм, Израилы хæдзарвæндæгтæ æмæ
мыггæгты хистæртæм се ’ппæтмæ дæр. Фæ-
сидти сæм Йерусалиммæ, цæмæй Дунеда-
рæджы Фидыды Чырын Давиды сахарæй,
Сионы хохæй, хаст æрцæуа. 3Æмæ æппæт
израилæгтæ æвдæм мæйы æрæмбырд сты
паддзахмæ, Халагъудты бæрæгбонмæ. 4Из-
раилы хистæртæ куы ’рбацыдысты, уæд
левиттæ Фидыды Чырын систой 5æмæ йæ
ахастой. Сауджын левиттæ ма ноджы рахас-
той Фембæлды Цатыр æмæ йæ уаз дзауматæ
иууылдæр. 6Паддзах Соломон æмæ æгас Из-
раилы дзыллæ та, паддзах кæмæ фæсидти,
уыдон, Фидыды Чырыны раз стурвос æмæ
лыстæг фосæй уый бæрц нывæндтæ хастой,
æмæ сын нымæц дæр нал уыди.

7Уый фæстæ сауджынтæ Фидыды Чырын
бахастой, цы бынат ын снысан кодтой, уыр-
дæм — Кувæндоны Рухсмонуатмæ, æмæ
йæ æрæвæрдтой херувимты базырты бын.
8Херувимтæ сæ базыртæ Фидыды Чырыны
сæрмæ айтыгътой æмæ йæ æрæмбæрзтой йæ
хæссæн хъилтимæ. 9-10Уыцы хъилтæ ахæм
даргъ уыдысты, æмæ сын, Рухсмонуаты
раз æрлæугæйæ, сæ кæрæттæ фенæн уыди,
фæлæ хæдзары æдде нæ зындысты. Абоны
онг дæр сæ бынат уыцы ран ис.

Фидыды Чырынæн йæ мидæг дыууæ
къæйдурæй уæлдай ницы уыди. Кæддæр
Израилы адæм Мысырæй куы рацыдысты
æмæ Дунедарæг семæ фидыд куы саразæс-
та, уæд сæ Моисей Хоревы хохыл Чырыны
нывæрдта.

11Сауджынтæ Кувæндонæй рацыдысты.
Уыцы бонмæ се ’гас дæр, чи дзы цы къордæй
уыд æмæ дзы кæмæ цы хæс хауди, уыдæттæ
нæ хынцгæйæ, сæхи ссыгъдæг кодтой.

12Ам уыдысты Кувæндоны зарæггæнджы-
тæ, левиттæ, иууылдæр: Асаф, Йедутун æмæ
Хеман сæ фырттæ æмæ се ’рвадæлтимæ —
лыстæг гæнæй уафт дарæсты. Се ’мдзæгъд-
гæнæн тæбæгътæ, сæ дыууадæстæнонтæ
æмæ сæ хъисфæндыртимæ лæууыдысты
нывондхæссæны скæсæйнаг фарс. Æхсæ-
зыссæдз сауджыны семæ лæууыдысты æмæ
хæтæлтæй цагътой. 13Хæтæлтæй чи цагъта,
уыдонæн, стæй зарæггæнджытæн сæ цагъд
æмæ сæ зарæджы зæлд баиу сты, æмæ афтæ-
мæй кад кодтой Дунедарæгæн, стыдтой Йæ:
«Дунедарæг хæрзаудæнгæнаг у, Йæ хорзæх
нæ сæфы мыггагмæ!» Æмæ æврагъ Дунеда-
рæджы хæдзар æрæмбæрзта. 14Сауджынтæн
сæ бон нал уыди сæ уаз лæггад дарддæр хæс-
сын, уымæн æмæ Хуыцауы хæдзар байдзаг
ис Дунедарæджы кадæй.

**6** Соломон загъта: «Дунедарæджы тары
цæрын бафæндыд. 2Ныр Дын Æз саразæс-
тон бæрзонд хæдзар, цæмæй дзы цæрай
мыггагмæ».

3Израилы адæм се ’ппæт дæр лæууыдысты
йæ разы, Паддзах сæм разылд æмæ сын арфæ
ракодта. 4Стæй загъта: «Арфæгонд у Дунеда-
рæг, Израилы Хуыцау! Абон Йе стыр хъомысы
фæрцы сæххæст кодта, кæддæр мæ фыд Да-
видæн зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый. Загъта
йын: 5„Мæ адæмы Мысырæй куы ракодтон,
уæдæй абонмæ Израилы хæдзарвæндæгтæй
иуы сахар дæр нæ равзæрстон, цæмæй дзы
Мæ номыл Кувæндон саразон, стæй мæ адæ-
мæн хицауæй дæр никæй сæвзæрстон. 6Фæлæ
ныр Æз равзæрстон Йерусалим, цæмæй дзы
цæра Мæ ном, æмæ сæвзæрстон Давиды, цæ-
мæй æрлæууа Мæ адæмы, Израилы сæргъы“.

7Мæ фыд Давиды фæндыди Дунедарæ-
джы, Израилы Хуыцауы, номыл Кувæндон

саразын, 8фæлæ йын Дунедарæг загъта: „Мæ
номыл Кувæндон саразинаг кæй дæ, уый
Мын æхсызгон у, 9фæлæ ды нæ уыдзынæ
йæ аразæг. Мæ номыл Мын Кувæндон сараз-
дзæни дæ фырт, дæ туг æмæ де стæг“. 10Æмæ
ныр Дунедарæг сæххæст кодта Йæ дзырд.
Куыд загъта, афтæ æз æрбадтæн мæ фыды
бынаты, Израилы паддзахы къæлæтджыны,
æмæ Дунедарæгæн, Израилы Хуыцауæн, Йæ
номыл Кувæндон сарæзтон. 11Æмæ æз уым
Фидыды Чырын сæвæрдтон, йæ мидæг ис,
Дунедарæг Израилы адæмимæ цы фидыд
сарæзта, уый».
12Соломон æрлæууыди Дунедарæджы ны-
вондхæссæны раз, Израилы дзыллæйæн сæ
разæй, æмæ йæ къухтæ хæрдмæ систа. 13Со-
ломон æрхуы уæзæг сарæзта, дæргъмæ дæр
æмæ уæрхмæ дæр фæйнæ фондз æлмæрины,
йæ бæрзæнд та — æртæ æлмæрины, æмæ йæ
кæрты астæу сæвæрдта. Ныр æм схызт, Из-
раилы æппæт дзыллæйы раз æрзоныг кодта,
йæ къухтæ уæларвмæ сивæзта 14æмæ загъта:
— О Дунедарæг, Израилы Хуыцау! Ды дæ,
уæларвы дæр æмæ зæххыл дæр æмбал Кæ-
мæн нæй, уыцы Хуыцау! Дæ цагъартимæ
хъахъхъæныс Дæ фидыд æмæ æдзухдæр иу-
зæрдион дæ, зæрдиагæй Ды чи лæггад кæны,
уыдоныл. 15Ацы бон Ды Де стыр хъомысы
фæрцы сæххæст кодтай, Дæ лæггадгæнæгæн,
мæ фыд Давидæн, зæрдæ цæмæй бавæрдтай
æмæ йын Дæхи дзыхæй цы загътай, уый.
16Уæдæ ныр, Дунедарæг, Израилы Хуыцау,
дæ цагъар Давидæн ма нодж цы дзырд
дардтай, уый дæр сæххæст кæн! Ды йын
загътай: «Дæ фырттæ раст фæндагыл куы
цæуой æмæ дæуау Ме 'гъдаумæ гæсгæ куы
цæрой, уæд дæ байзæддæгтæ кæддæриддæр
Мæ разы Израилы паддзахы къæлæтджыны
баддзысты». 17О Дунедарæг, Израилы Хуы-
цау! Кæддæр дæ лæггадгæнæг Давидæн цы
ныхас загътай, уый сæххæст уæд!
18Фæлæ Хуыцау адæмимæ куыд хъуамæ
цæра зæххыл? Уæларв æмæ уæлдунетæ
Дыл куы не 'ххæссынц, уæд Ды, æз Дын
цы Кувæндон сарæзтон, уым куыд хъуамæ
бацæуай?
19О Дунедарæг, мæ Хуыцау! Фехъус Дæ ца-
гъарæн йæ куывд æмæ йæ лæгъстæ! Фехъус
ын йæ дзыназын, йæ куывд! 20Æхсæвæй-бо-
нæй Дæ цæст ма ис ацы Кувæндонæй, ацы
бынатæй, Мæ ном дзы цæрдзæни, зæгъ-
гæ, кæмæй загътай, уымæй! Дæ цагъар-иу,
ацы бынатмæ йе 'ргом саразгæйæ, куы кува,
уæд-иу æй фехъус. 21Дæ цагъарæн, стæй Дæ
адæм Израилæн-иу фехъус сæ алы куывд
дæр. Уыдон-иу ацы бынатмæ се 'ргом куы
саразой æмæ куы кувой, уæд-иу сæ фехъус
Дæ цæрæнбынатæй, уæлæрвтæй, æмæ-иу
сын ныббар сæ азым.
22Исчи искæй азымджын куы кæна, мæ
ныхмæ тæригъæды бацыди, зæгъгæ, æмæ
дзы ард бахæрын куы дома, æмæ уый Дæ
Кувæндоны нывондхæссæны раз ард куы
бахæра, 23уæд-иу ын уæларвæй йæ ард-
бахæрд фехъус æмæ-иу аххосджынæн йæ
хъуыддæгтæм гæсгæ стæрхон кæн, æназы-
мы та-иу сраст кæн, йæ рæстдзинад-иу ын
сбæлвырд кæн.
24Дæ адæм Израил Дæ разы тæригъæды
куы бацæуой æмæ уый тыххæй фыдгулы
амæттаг куы бауой, фæлæ уый фæстæ куы
'рфæсмон кæной, Дæ номæн куы скад кæной,
ацы Кувæндоны Дæм куы кувой æмæ Дын
лæгъстæ куы кæной, 25уæд-иу сæ уæларвæй
фехъус, ныббар-иу Дæ адæм Израилы тæри-
гъæд æмæ-иу сæ фæстæмæ раздах, кæддæр
сын сæ фыдæлтæн кæй радтай, уыцы зæхмæ!
26Дæ разы тæригъæды куы бацæуой æмæ
сын уый тыххæй арв доны 'ртах куынæуал
ратта, æмæ Дын уый фæстæ Дæ къухы цæф
куы бамбарой, сæ тæригъæдыл куы 'рфæс-
мон кæной æмæ, ацы Кувæндонмæ се 'ргом
саразгæйæ, Дæ номæн куы скад кæной æмæ
Дæм куы кувой, 27уæд-иу Ды уæларвæй уыцы
куывд фехъус æмæ-иу Дæ лæггадгæнджы-
тæн, Дæ адæм Израилæн, сæ тæригъæд ныб-
бар. Раст фæндагыл-иу сæ сараз æмæ-иу, Дæ
адæмæн исбонæн кæй радтай, уыцы зæххыл
къæвдайы 'ртах æруадз.
28Бæстыл стонг заман куы скæна, рын куы
фæзына, хус дымгæ, зайæгойты низ, мæтыхтæ
æмæ къуыдыргалм тыллæг куы бабын кæной,
фыдгултæ сахарыл куы 'рхъула кæной — цы-
фæнды фыдбылыз куы 'рцæуа æмæ цыфæнды
низ куы фæзына, 29Израилы адæмæй Дæм
исчи цæйфæнды тыххæй куы кува æмæ Дын
лæгъстæ куы кæна, зæрдæхъыгæй æмæ удха-
рæй мæлгæйæ, ацы Кувæндонмæ йæ къухтæ
куы иваза, 30уæд-иу æй фехъус уæларвæй, Дæ
цæрæнбынатæй, æмæ-иу ын ныббар, алкæ-
мæн дæр-иу йæ хъуыддæгтæм гæсгæ стæрхон
кæн, йæ зæрдæйы кæмæн цы ис, уымæ гæсгæ,
уымæн æмæ, адæймагæн йæ зæрдæйы цы ис,
уый æрмæстдæр Ды зоныс. 31Уадз æмæ Дæ
тæрсой æмæ цæрæнбонты Дæ фæндæгтыл
цæуой, цалынмæ, кæддæр нæ фыдæлтæн цы
зæхх радтай, ууыл цæрой, уæдмæ. 32Дæ адæ-
мæй, Израилæй, чи нæу, ахæм исчи, æддагон,
дард бæстæй Дæ цытджын ном æмæ Де стыр
хъомысы сæраппонд куы 'рбацæуа æмæ, ацы

Кувæндонмæ йе ’ргом саразгæйæ, куы скува,
33уæд-иу æй фехъус уæларвæй, Дæ цæрæнбы-
натæй, æмæ-иу ын сæххæст кæн йæ курдиат.
Афтæмæй Дын æппæт адæмтæ дæр базон-
дзысты Дæ ном æмæ Дын аргъуыц кæндзысты
Дæ адæм Израилау. Уадз æмæ зоной, æз цы
Кувæндон сарæзтон, уый кæй хæссы Дæ ном.

34Дæ адæм Дæ амынд фæндагыл знаджы
ныхмæ хæстмæ куы рацæуой æмæ Дæм, цы
сахар равзæрстай æмæ Дын æз цы Кувæндон
сарæзтон, уыдонмæ се ’ргом саразгæйæ, куы
скувой, 35уæд-иу сын уæларвæй фехъус сæ
куывд, сæ лæгъстæ æмæ-иу сын ахъаз бакæн!

36Дæ адæм Дæ разы тæригъæды куы бацæ-
уой, уымæн æмæ, тæригъæд чи нæ ракæны,
ахæм адæймаг нæй, æмæ сæм Ды куы смæс-
ты уай, фыдгулты амæттаг сæ куы бакæнай
æмæ сæ уыдон уацары куы акæной дард
кæнæ æввахс бæстæмæ, 37æмæ, уацары цы
зæххыл уой, уым зæрдиагæй куы ’рфæсмон
кæной, се ’ргом Дæм куы раздахой æмæ Дын
лæгъстæ куы кæной, тæригъæды бацыдыс-
тæм, фыдракæнд сарæзтам æмæ азымджын
стæм, зæгъгæ, 38уацары сæ кæдæм акодтой,
уыцы зæххыл Дæм се ’ргом зæрдиагæй куы
раздахой æмæ Дæм куы кувой, кæддæр сын
сæ фыдæлтæн цы зæхх раттай, цы сахар
равзæрстай æмæ æз Дæ номыл цы Кувæндон
сарæзтон, уыдонмæ се ’ргом куы саразой,
39уæд-иу сын уæларвæй, Дæ цæрæнбынатæй,
фехъус сæ куывд, сæ лæгъстæ æмæ-иу сын
ахъаз бакæн! Ныббар-иу Дæ адæмæн, Дæ ра-
зы тæригъæды чи бацыди, уыдонæн! 40О мæ
Хуыцау! Ацы бынаты Дæм чидæриддæр ску-
ва, уыдонмæ-иу æркæс æмæ-иу сæ фехъус!

41О Дунедарæг Хуыцау, уæдæ æрцу Дæ
цæрæнмæ — Ды æмæ Дæ хъомысджын Фи-
дыды Чырын! Дæ сауджынтæ, о Дунедарæг
Хуыцау, ирвæзындзинадæй сæхи дарæсау
сфæлындæд, Дæ иузæрдион адæм цин кæ-
нæнт Дæ хорзæхтыл!

42О Дунедарæг Хуыцау! Кæй байсæрстай,
уымæй Де ’ргом ма аздах! Дæ лæггадгæнæг
Давидæн, иузæрдыг ыл уæвгæйæ, зæрдæ цы
хæрзтæй бавæрдтай, уыдонæй йæ æнæхай
ма фæкæн!

**7** Соломон куывд куы фæци, уæд арвæй арт
æрцыди æмæ аныхъуырдта иуууылсудзинаг
дæр æмæ иннæ нывæндтæ дæр. Кувæндон
байдзаг ис Дунедарæджы кадæй. 2Сауджын-
тæн сæ бон нæ уыди Кувæндонмæ бацæуын,
уымæн æмæ Дунедарæджы кадæй дзаг уыди.

3Израилæгтæ, арвæй арт æрцыд, Кувæн-
дон та Дунедарæджы кадæй байдзаг ис, уый
куы федтой, уæд дурын астæрдыл ныддæл-
гом сты. Дунедарæгмæ бакуывтой æмæ Йæ
стыдтой: «Дунедарæг хæрзаудæнгæнаг у, Йæ
хорзæх мыггагмæ нæ сæфы!»

4Паддзах æмæ æппæт адæм Дунедарæджы
раз æрхастой нывæндтæ. 5Паддзах Соломон
стурвосæй нывондæн æрхаста дыууæ æмæ
ссæдз мин сæры, лыстæг фосæй та — æх-
сæзыссæдз мин сæры. Афтæмæй паддзах
æмæ адæм иууылдæр Хуыцауы хæдзар срухс
скодтой.

6Сауджынтæ æххæст кодтой сæ хæстæ,
левиттæ дæр сæ бынæтты æрлæууыдысты,
кæддæр Давид Дунедарæджы стауынæн
кæй саразын кодта, уыцы зæлуадзæнтимæ.
Уыдон дæр æй Давидау стыдтой: «Йæ хор-
зæх нæ сæфы мыггагмæ!» Сауджынтæ сæ
разы хæтæлтæй цагътой, Израилы адæм та
уырдыг лæууыдысты уыцы ран. 7Соломон
срухс скодта кæрты астæуккаг хай — Ду-
недарæджы Кувæндоны раз — æмæ уым
нывондæн æрхаста иууылсудзинæгтæ æмæ
фидыды нывæндты фиу, уымæн æмæ, Соло-
мон кæй сарæзта, уыцы æрхуы нывондхæс-
сæн утæппæт иууылсудзинæгтæ, хойраджы
хуынтæ æмæ фидыды нывæндты фиуæн
æгæр гыццыл уыди. 8Уыцы заман Соломон
авд боны дæргъы бæрæгбон скодта. Æгас
Израил, æнæнымæц адæм æрæмбырд ис,
Лево-Хаматæй Мысыры тæрфы онг чи царди,
уыдон се ’ппæт дæр. 9Æстæм бон бæрæгбо-
нæн скодтой кæрон. Нывондхæссæн срухс
кæныныл æдæппæтæй ацыди авд боны, уый
фæстæ та авд боны — бæрæгбоныл. 10Æвдæм
мæйы дыууын æртыккæгæм бон паддзах
Соломон адæмы сæ хæдзæрттæм ауагъта.
Уыдон цин кодтой, сæ зæрдæтæ фыр цинæй
радысты, Дунедарæг Давидæн, Соломонæн
æмæ Йæ адæм Израилæн уый бæрц хæрзтæ
кæй ракодта, уый тыххæй.

11Афтæмæй Соломон арæзт фæци Дунеда-
рæджы Кувæндон æмæ йæ паддзахы галуан,
йæ зæрды цыдæриддæр саразын уыди, уы-
дон иууылдæр йæ къухы бафтыдысты.

12Æхсæвы Дунедарæг раргом ис Соломон-
мæ æмæ йын загъта: «Æз дын дæ куывд фе-
хъуыстон. Æз ацы бынат равзæрстон, цæмæй
ам нывæндтæ хæссой. 13Арвы дуæрттæ куы
сæхгæнон æмæ зæхмæ доны ’ртах куынæуал
æруадзон, тыллæг мæтыхтæн куы бахæрын
кæнон, кæнæ Мæ адæмы рыны амæттаг куы
бакæнон, 14æмæ Мæ адæм, Мæ ном чи хæссы,
уыдон, сæрныллæгæй куы кувой, куы Мæ
агурой æмæ сæ фыдвæндæгтæ куы ныууа-
дзой, уæд сæ Æз фехъусдзынæн уæларвæй,

сæ тæригъæд сын ныббардзынæн æмæ сын
сæ зæхх сæнæниз кæндзынæн. 15Ацы бы-
натæй Мæм чидæриддæр скува, уымæ Æз
æркæсдзынæн, йæ куывдмæ йын байхъус-
дзынæн лæмбынæг. 16Æз ацы Кувæндон
Мæхицæн равзæрстон æмæ йæ срухс кодтон.
Мыггагмæ дзы цæрдзæни Мæ ном, Мæ цæс-
тытæ æмæ Мæ зæрдæ æдзухдæр уыдзысты
уым. 17Ды та Мын дæ фыд Давидау куы лæг-
гад кæнай, цы дын бафæдзæхстон, уыдон иу-
уылдæр куы æххæст кæнай, Мæ уагæвæрдтæ
æмæ Мæ амындтытæм гæсгæ куы цæрай,
18уæд дын дæ паддзахы бадæн сфидар кæн-
дзынæн, кæддæр дæ фыд Давидимæ цы фи-
дыд сарæзтон, уымæ гæсгæ. Æз ын загътон:
„Дæ байзæддæгтæ кæддæриддæр Израилы
паддзахиуæг кæндзысты“. 19Фæлæ уын цы
уагæвæрдтæ æмæ цы фæдзæхстытæ радтон,
уыдоныл уæ къух куы ауигъат, куынæуал сæ
æххæст кæнат, æндæр хуыцæуттæн лæггад
кæнын æмæ кувын куы райдайат, 20уæд Æз
Израилы адæмы сæ бындзарæй срæдувдзы-
нæн Мæ зæххæй, кæй сын радтон, уымæй.
Стæй Мæ номыл цы Кувæндон срухс кодтон,
ууыл дæр Мæхи атигъ кæндзынæн, æппæт
адæмтæ йыл худдзысты æмæ йыл цъыфка-
лæн кæндзысты. 21Ацы бæрзонд Кувæндо-
нæн-иу йæ цурты чи фæцæйцæуа, уый-иу
стыр дисы бафтдзæн æмæ фæрсдзæн: „Ацы
зæхх æмæ ацы Кувæндонæн Дунедарæг афтæ
цæй тыххæй бакодта?“ 22Æмæ-иу ын дзуапп
ратдзысты: „Мысырæй сæ чи ракодта, уыцы
Дунедарæджы, сæ фыдæлты Хуыцауы, кæй
ныууагътой, æндæр хуыцæутты фæдыл кæй
ацыдысты, лæггад кæнын æмæ сын кувын
кæй райдыдтой, уый тыххæй сын Дунедарæг
ацы бæллæхтæ бавзарын кодта“».

**8** Соломон Дунедарæджы Кувæндон æмæ
паддзахы галуан саразыныл бахардз кодта
ссæдз азы. 2Уый фæстæ ногæй рацарæзта,
Хирам ын цы сахартæ радта, уыдон æмæ
дзы израилæгты æрцæрын кодта.

3Соломон бабырста Хамат-Цовайы сахар-
мæ æмæ йæ бацахста. 4Ноджы ма рацарæзта
Тадморы сахар, æдзæрæг быдыры чи ис,
уый, стæй, Хаматы зæххыл æфтауцуатæн
цы сахартæ сарæзта, уыдон. 5Рацарæзта
уæллаг Бет-Хорон æмæ дæллаг Бет-Хорон,
бырутæй æхгæд фидæрттæ сæ скодта, сæ
кулдуæрттыл — æвдузæнтæ æвæрд. 6Рацa-
рæзта Баалаты сахар, стæй йæ иннæ сахартæ
иууылдæр: иуты дардта йæ хæлц, иннæ-
ты — йæ тохуæрдæттæ, аннæты — бæхтæ.
Ноджы ма Соломон Йерусалимы, Ливаны
æмæ йæ паддзахады алы рæтты сарæзта
æндæр бæстыхæйттæ дæр, йæ зæрды цы-
дæриддæр уыди, уыдон.

7-8Израилы зæххыл раздæр цы æндæр
адæмтæ царди — аморæгтæ, хеттæгтæ, пе-
риззæгтæ, хиввæгтæ æмæ йевусæгтæ, — сæ
мыггаг израилæгтæн бынтон сыскъуынын
кæмæн нæ бантыст, уыдонæн сæ фæста-
гæтты Соломон бафтыдта тыхбегарайы
куыстытыл, æмæ сæ ныронг дæр кæнынц.
9Израилæгтæй та Соломон йæ куыстытæ
кæнын нæ домдта; уыдон уыдысты йæ хæс-
тонтæ, йæ хъахъхъæнджыты хицæуттæ, йæ
тохуæрдæттæ æмæ йæ бæхæфсады фæтæгтæ.
10Соломонæн йæ кусæг адæмы сæргъы лæу-
уыди дыууæсæдæ фæндзай цæстдарæджы.

11Фараоны чызджы Соломон ракодта Да-
виды сахарæй æмæ йæ æрцæрын кодта, сæр-
магондæй йын кæй сарæзта, уыцы галуаны.
Загъта: «Сылгоймагæн Израилы паддзах
Давиды галуаны цæрын не ’мбæлы, уымæн
æмæ ацы бынат уаз у: йæ заманы ам лæууы-
ди Дунедарæджы Фидыды Чырын».

12Соломон Кувæндоны тыргъы раз цы ны-
вондхæссæн сарæзта, ууыл Дунедарæгæн
иуылсудзинаг нывæндтæ хæссын райдыдта.
13Кæддæр Моисей куыд бафæдзæхста, афтæ
уыцы нывондхæссæныл хаста иууылсудзинаг
нывæндтæ — сабæттæ, мæйноджы бæрæг-
бæттæ æмæ афæдзы æртæ стыр бæрæгбоны
рæстæг: Донгонд дзулты бæрæгбоны, Къуы-
риты бæрæгбоны æмæ Халагъуды бæрæг-
боны. 14Йæ фыд Давиды фæдзæхстмæ гæсгæ
скодта сауджынты куысты рад, стæй левитты
куысты рад, сæ хæстæм гæсгæ, цæмæй стауой
Дунедарæджы, æххуыс кæной сауджынтæн,
алы боны фæткмæ гæсгæ. Ноджы ма алы
кулдуары раз дæр скодта хъахъхъæнджыты
рад, йæ фыд Давид, Хуыцауы æвзæрст лæг,
куыд бафæдзæхста, афтæ. 15Сауджынтæ æмæ
левитты, стæй хæзнадоны тыххæй Давид
цыдæриддæр бафæдзæхста, уыдонæй иу
мисхалы бæрц дæр иуварс ничи ахызт.

16Афтæ Соломон фæци йæ куыст, Дунеда-
рæджы Кувæндонæн бындур сæвæрдта æмæ
йæ кæронмæ сарæзта. Уыйадыл Дунедарæ-
джы хæдзар арæзт æрцыд.

17Уæд Соломон ацыди Ецион-Гевермæ æмæ,
денджызы былгæрон чи ис, уыцы Елоты са-
填хармæ, Едомы зæхмæ. 18Хирам ын уырдæм
арвыста наутæ, стæй фæлтæрдджын нау-
дзогты. Уыдон паддзах Соломоны адæмимæ
наутыл аленк кодтой Офирмæ, æрбаластой
цыппарсæдæ фæндзай таланты сыгъзæрин
æмæ йæ Соломонмæ фæхæццæ кодтой.

9 Соломон ахæм номдзыд сси, æмæ йæ кой
суанг Савайы ус-паддзахмæ дæр байхъуыст.
Уый йæм, уыци-уыцитæй йæ бафæлварын-
мæ, йæ бирæ фæсдзæуинтимæ æрбацыди
Йерусалиммæ. Теуатыл ын æрбаласта бирæ
лæвæрттæ: хæрздæфгæнæнтæ, æнæнымæц
сыгъзæрин æмæ зынаргъ дуртæ.
Соломонмæ куы бацыд, уæд йемæ, цæуыл
æй фæндыд, уыдæттыл фæныхас кодта. 2Со-
ломон ын йæ алы фарстæн дæр дзуапп радта,
йæ фæрстытæй йын иу дæр зынæмбарæн нæ
уыд æмæ æнæ дзуаппæй нæ баззад.
3Савайы ус-паддзах йæхи цæстæй федта
Соломоны куырыхон зонд, стæй, цы галуан
сарæзта, уый; 4йæ дзаджджын фынгтæ; йæ
барджынтæ цы агъуыстыты бадынц; йæ
лæггадгæнджытæ æмæ йæ дзагдарты сæ
аив дарæсты. Ноджы ма федта, Соломон Ду-
недарæджы Кувæндоны цы иууылсудзинаг
нывæндтæ хæссы, уый дæр, æмæ йын фыр
дисæй улæфт дæр нал фаг кодта. 5Паддза-
хæн загъта:
— Мæ зæххыл дын дæ хъуыддæгтæ æмæ
дæ куырыхон зонды тыххæй цы фехъуыстон,
уыдон æцæг разындысты. 6Уыцы ныхæстæ
мæ нæ уырныдтой, цалынмæ æрбацыдтæн
æмæ сæ мæхи цæстæй федтон, уæдмæ. Дæ
куырыхон зонд, цы фехъуыстон, уымæй
дзæвгар фылдæр у. Æппæт уыдæттæн мын
се 'мбисы бæрц дæр нæ радзырдтой. 7Тæху-
диаг сты дæ адæм! Тæхудиаг сты дæ лæггад-
гæнджытæ, æдзух дæ разы чи лæууы, дæ
уæлзондмæ дын чи хъусы! 8Арфæгонд уæд
Дунедарæг, дæ Хуыцау, хæрзаудæн дын Чи
кæны æмæ дæ Йæ паддзахы къæлæтджыны
Чи сбадын кодта, цæмæй Дунедарæджы, дæ
Хуыцауы раз, паддзахиуæг кæнай! Дунеда-
рæг Израилы адæмы кæй уарзы, Йæ зæрды
сæ мыггагмæ æрфидар кæнын кæй ис, уый
тыххæй дæ сæвæрдта паддзахæй, цæмæй
сын рæстаг тæрхон кæнай.
9Æмæ Савайы ус-паддзах Соломонæн ба-
лæвар кодта æхсæзыссæдз таланты сыгъзæ-
рин, æнæнымæц хæрздæфгæнæнтæ æмæ
хæзнадуртæ. Савайы ус-паддзах паддзах
Соломонæн цы диссаджы хæрздæфгæнæн-
тæ æрбаласта, ахæмтæ уæды онг никуыма
ничи федта.
10Хирам æмæ Соломоны кусджытæ дæр
Офирæй æрбаластой канд сыгъзæрин нæ,
фæлæ ма зынаргъ хъæдæрмæг алмуг æмæ
хæзнадуртæ дæр. 11Уыцы хъæдæрмæгæй
Соломон Дунедарæджы Кувæндон æмæ йæ
Галуанæн скодта асинтæ. Ноджы ма дзы Ку-
вæндоны фæндырдзæгъдджытæн сарæзта
хъисфæндыртæ æмæ дыууадæстæнонтæ.
Ахæм диссæгтæ раздæр никуыма ничи фед-
та Иудейы.
12Паддзах Соломон йæхæдæг дæр Савайы
ус-паддзахы йæ лæвæрттæй сбуц кодта, но-
джы ма йын радта, йæ зæрдæ цыдæриддæр
загъта æмæ дзы йæхи дзыхæй цы ракуырд-
та, уыдон дæр. Æмæ Савайы ус-паддзах йæ
фæсдзæуинтимæ сæхимæ аздæхти.
13Соломонмæ æрвылаз цы сыгъзæрин æф-
тыд, уымæн йæ уæз уыди æхсæзсæдæ æхсай
æхсæз таланты. 14Уымæй уæлдай ма йæм
сыгъзæрин ластой йæ базаргæнджытæ æмæ
йæ сæудæджертæ, стæй йæ бæстыхицæуттæ
æмæ суанг Аравийы æппæт паддзæхтæ дæр.
15Соломон рацæгъдын кодта дыууæсæ-
дæ стыр сыгъзæрин уарты, алкæмæн дæр
дзы йæ сыгъзæрины уæз уыди æхсæзсæдæ
шекелы. 16Ноджы ма — æртæсæдæ гыццыл
уарты, алкæмæн дæр дзы йæ сыгъзæрины
уæз — æртæсæдæ шекелы. Паддзах уыцы
уартытæ бафснайдта Ливайнаг хъæдæй фæ-
лыст агъуысты.
17Соломон пылыстæгæй скодта паддза-
хы егъау къæлæтджын æмæ йæ састæрдта
сыгъдæг сыгъзæринæй. 18Паддзахы къæ-
лæтджынмæ цыди æхсæз къахæвæрæны,
алкæмæн дæр дзы йæ фæйнæфарс уыди
фæйнæ цонгæнцайæны, уыдоны раз та —
фæйнæ домбайы фæлгонцы. Бынæй йыл
фидаргонд уыди сыгъзæрин къахæвæрæн.
19Æхсæз къахæвæрæны фæйнæфарс лæу-
уыдысты дыууадæс домбайы фæлгонцы.
Ахæм диссаджы къæлæтджын иу паддза-
хады дæр нæ уыди.
20Соломонæн йæ нуазæнтæ иууылдæр
уыдысты сыгъзæринæй конд, ливайнаг
хъæдæй фæлыст агъуысты дзауматæ дæр
иууылдæр — сыгъдæг сыгъзæринæй конд.
Æвзист дзаумайæ йæм ницы уыди, уымæн
æмæ Соломоны заман æвзистæн ницы аргъ
уыд. 21Паддзахмæ уыди, Хирамы адæмимæ
Таршишмæ чи цыди, ахæм наутæ, æмæ йын
уыдон Хирамы наудзогтимæ æртæ афæдзы
иу хатт ластой сыгъзæрин, æвзист æмæ пы-
лыстæг, стæй маймулитæ æмæ мæлхъытæ.
22Дунейы паддзæхты 'хсæн Соломоны
куырыхон зонд æмæ хъæздыгдзинадæн æм-
бал нæ уыди. 23Зæххыл цы паддзæхтæ уыд,
уыдон иууылдæр бæллыдысты Соломоны
фенынмæ, Хуыцау ын цы куырыхон зонд
балæвар кодта, уымæ байхъусынмæ. 24Афæ-
дзæй-афæдзмæ-иу ын уыдонæй алчидæр
æрбаласта лæвæрттæ: æвзист æмæ сыгъ-
зæрин дзауматæ, дарæстæ, хæцæнгæрзтæ,

хæрздæфгæнæнтæ, бæхтæ æмæ хæргæфсы-
тæ. 25Соломонмæ уыди цыппар мин бæхдо-
ны — бæхтæ æмæ хæцæн уæрдæттæн, дыу-
уадæс мины та йæм уыди бæхтæ. Дардта
сæ, хæцæн уæрдæттæн цы сахартæ сарæзта,
уыдоны, сæ иу хай та сын ныууагъта йæхи-
мæ, Йерусалимы.
26Евфраты донæй филистимæгты зæхх
æмæ Мысыры арæны онг цы паддзæхтæ
уыди, уыдон се ’ппæт дæр уыдысты Соло-
моны дæлбар.
27Соломоны заманы æвзист Йерусалимы
сарæх ис хуымæтæг дурау, кедр та, хохрæбын
цы сикомортæ зайынц, уыдонау. 28Соломо-
нæн бæхтæ ластой Мысыр æмæ зæххы цъары
æндæр бæстæтæй.
29Паддзах Соломонæн йæ иннæ хабæрттыл
райдианæй кæронмæ дзырдæуы пехуымпар
Натаны азфыстыты, силомаг Ахийайы раг-
уацты чиныджы æмæ, зонынджын Йеддо-
йæн Наваты фырт Йоровамы тыххæй Хуыцау
цы цæстылуайæнтæ раргом кодта, уыдоны.
30Соломон æппæт Израилæн Йерусалимы
паддзахиуæг фæкодта дыууиссæдз азы.
31Соломон куы амарди, уæд æй бавæрдтой
йæ фыд Давиды сахары. Йæ фæстæ паддзах
сси йæ фырт Роховам.

**10** Роховам ацыди Шехеммæ, уымæн æмæ
уым æрæмбырд сты æппæт израилæгтæ,
цæмæй йæ паддзахæй сæвæрой. 2-3Уыцы
хабар Наваты фырт Йоровам, кæддæр пад-
дзах Соломонæй Мысырмæ чи алыгъд, уый
куы фехъуыста, уæд Мысырæй æрбаздæхти,
арвыстой йæм. Йоровам æмæ æппæт из-
раилæгтæ æрбацыдысты æмæ Роховамæн
загътой: 4«Кæддæр нæ дæ фыд йæ уæззау
æфсондзы бын ныцъцъист кодта, фæлæ нын
ныр ды не ’фсондз фæрогдæр кæн, æмæ дын
мах лæггад кæндзыстæм».
5Уый сын дзуапп радта: «Æртæ боны фæс-
тæ-иу мæм ногæй æрбацæут».
Адæм куы ацыдысты, 6уæд паддзах Ро-
ховам, йæ фыд Соломоны заман чи лæггад
кодта, уыцы хистæрты бафарста: «Цы мын
бауынаффæ кæндзыстут? Цы дзуапп раттон
ацы адæмæн?»
7Уыдон ын загътой: «Ацы адæммæ хæлар
цæстæй куы ракæсай, сæ зæрдæ сын куы бал-
хæнай æмæ семæ фæлмæн ныхас куы кæнай,
уæд дын цæрæнбонты лæггад кæндзысты».
8Фæлæ Роховам хистæрты уынаффæ ни-
цæмæ æрдардта æмæ бафарста йе ’мгæрт-
ты, кæимæ сырæзт æмæ йын ныр лæггад
чи кодта, уыдоны: 9«Цы мын бауынаффæ
кæндзыстут? Ацы адæмæн цы зæгъон? Уы-
дон мæ курынц, цæмæй сын, мæ фыд сыл цы
’фсондз сæвæрдта, уый фæрогдæр кæнон».
10Йе ’мгæрттæ йын дзуапп радтой: «Аф-
тæ дын чи зæгъы, дæ фыд ныл цы уæззау
æфсондз сæвæрдта, уый нын фæрогдæр
кæн, зæгъгæ, уыцы адæмæн ахæм дзуапп
ратт: „Мæ кæстæр æнгуылдз мæ фыды агъ-
дæй ставддæр у. 11Æмæ уын кæд мæ фыды
æфсондз уæззау уыди, уæд уын æй æз та
ноджы уæззаудæр скæндзынæн. Мæ фыд
уæ æфхæрдта хуымæтæг ехсытæй, æз та —
сындзджын ехсытæй“».
12Æртыккаг бон Йоровам æмæ æппæт
дзыллæ æрбацыдысты паддзах Роховаммæ,
куыд сын загъта, афтæ. 13Æмæ сын паддзах
радта карз дзуапп. Хистæрты уынаффæ ни-
цæмæ æрдардта, фæлæ йе ’мгæртты уынаф-
фæмæ байхъуыста æмæ адæмæн загъта:
14«Мæ фыд уыл сæвæрдта уæззау æфсондз,
æз та уын æй ноджы фæуæззаудæр кæн-
дзынæн. Мæ фыд уæ хуымæтæг ехсытæй
æфхæрдта, æз та — сындзджын ехсытæй».
15Паддзах нæ байхъуыста адæммæ, уымæн
æмæ уый уыди Дунедарæджы фæндон. Хъу-
амæ сæххæст уыдаид, Дунедарæг силомаг
пехуымпар Ахийайы дзыхæй Наваты фырт
Йоровамæн цы ныхас загъта, уый.
16Израилы адæм, паддзах сын сæ курдиат
ницæмæ дары, уый куы федтой, уæд ын загъ-
той: «Чи нын у ныр Давид? Цыфæнды фæуæд
Йессейы фырт! Уæ хæдзæрттыл ныххæлиу ут,
Израил! Дæхæдæг кæс дæ мыггагмæ, Давид!»
Уыйадыл Израилы адæм сæ хæдзæрттæм
аздæхтысты. 17Æрмæстдæр, Иудейы сахарты
цы израилæгтæ царди, уыдонæн баззади
паддзахæй Роховам.
18Паддзах Роховам йæ хъалонисæг æмæ
бегарайы кусджыты хицау Адорамы хъалон
исынмæ куы арвыста, уæд ыл израилæг-
тæ дуртæй ралæууыдысты, æмæ амарди.
Паддзах Роховам йæхæдæг та уайтæккæ
уæрдонмæ багæпп ласта æмæ Йерусалим-
мæ алыгъди.
19Уæдæй абоны онг Израил фæхицæн ис
Давиды хæдзарвæндагæй.

**11** Роховам Йерусалиммæ куы ’рбахæццæ
ис, уæд Иудæ æмæ Бениамины хæдзарвæн-
дæгтæй æрæмбырд кодта сæдæ æстай мин
æвзаргæ хæстоны, цæмæй Израилы ныхмæ
схæцой æмæ Роховамæн йæ паддзахад фæс-
тæмæ йæ къухы бакæной.
2Дунедарæг Хуыцауы æвзæрст лæг Шема-
йайæн загъта: 3«Соломоны фырт Роховамæн,

Иудейы паддзахæн, стæй, Иудæ æмæ Бени-
амины зæххытыл чи цæры, уыцы израилæг-
тæн се 'ппæтæн дæр зæгъ: 4„Дунедарæг афтæ
зæгъы: уе 'фсымæрты ныхмæ ма схæцут!
Алчидæр уæ йæ хæдзармæ аздæхæд, уы-
мæн æмæ алцыдæр æрцыд Мæ фæндонæй!“»
Адæм Дунедарæджы ныхасмæ байхъуыс-
той æмæ фæстæмæ аздæхтысты, Йоровамы
ныхмæ нал схæцыдысты.
5Паддзах Роховам царди Йерусалимы. Иу-
дейы сахарты алыварс саразта бырутæ. 6Уый
рацарæзта Вифлеем, Етам, Текоа, 7Бет-Цур,
Сохо, Адуллам, 8Гат, Мареша, Зиф, 9Адораим,
Лахиш, Азека, 10Цора, Айалон æмæ Хеврон.
Ацы сахартæ уыдысты Иудæ æмæ Бениа-
мины зæххытыл. 11Сахартæ бырутæй куы
сæхгæдта, уæд сын хицæуттæ сæвæрдта. Алы
сахары дæр саразта æфтауцуæттæ: хойраг,
сой æмæ сæнæн. 12Алы сахар дæр сифтонг
кодта уартытæ æмæ æрцытæй, хорз сæ сфи-
дар кодта. Афтæмæй Иудæ æмæ Бениамины
зæххытæ баззадысты йæ дæлбар.
13Израилы зæххыл сауджынтæ æмæ ле-
виттæй чидæриддæр уыди, уыдон алы рæт-
тæй Роховаммæ æрæмбырд сты. 14Левиттæ
ныууагътой сæ фосы хизæнуæттæ, сæ исбон
æмæ æрцыдысты Иудеймæ, Йерусалиммæ,
уымæн æмæ сæ Йоровам æмæ йæ фырттæ
Дунедарæгæн лæггад кæнын нал уагътой.
15Роховам йæхицæн саужынтæ равзæрста,
цæмæй кувæн къуыбыртыл лæггад кæной,
табу кæной цæутæ æмæ уæнгуыты гуы-
мирытæн — йæхæдæг кæй саразын кодта,
уыдонæн.
16Сауджынтæ æмæ левиттæй уæлдай Из-
раилы хæдзарвæндæгты 'хсæн Дунедарæ-
гæн, Израилы Хуыцауæн, зæрдиагæй лæггад
кæнын чи сфæнд кодта, уыдон дæр Йеруса-
лиммæ цыдысты æмæ уым Дунедарæгæн,
сæ фыдæлты Хуыцауæн, хастой нывæндтæ.
17Уыдон стыр ахъаз фесты Иудейы паддза-
хад сфидар кæнынæн. Сæ фæрцы Соломоны
фырт Роховам æртæ азы паддзахиуæг кодта,
уымæн æмæ уыцы æртæ азы дæргъы адæм
цыдысты Давид æмæ Соломоны фæндагыл.
18Роховам ракуырдта Махалаты. Йæ фыд —
Давиды фырт Йеримот, йæ мад та — Йессейы
фырт Елиавы чызг Авихаил. 19Æмæ йын уый
ныййардта фырттæ: Йеуш, Шемариа æмæ
Загамы. 20Уый фæстæ Роховам ракуырдта
Авессаломы чызг Маахайы, æмæ йын уый
ныййардта Авийа, Аттай, Зиза æмæ Ше-
ломиты. 21Роховамæн æдæппæтæй уыдис
æстдæс усы æмæ æхсай номылусы, æмæ йын
уыдонæй райгуырди дыууын аст фырты æмæ
æхсай чызджы. Фæлæ йæ устытæй Авесса-
ломы чызг Маахайы бæрц никæй уарзта.
22Æмæ Роховам Маахайы лæппу Авийайы йæ
иннæ фырттæн скодта хицау, йæ фæстæ йæ
паддзахы бынат уымæн куыд баззайа, афтæ.
23Паддзах Роховам зондджын ми бакодта:
йæ фыртты се 'ппæты дæр арвыста Иудæ
æмæ Бениамины зæххыты алы рæттæм,
бырутæй æхгæд сахартæм. Алкæмæн дæр
дзы парахатæй радта фæсауæрц æмæ сын
бирæ устытæ æрхаста.

**12** Роховам хъомысджын паддзах куы сси
æмæ йæ паддзахы бадæны куы 'рфидар ис,
уæд Дунедарæджы Æгъдауыл йæ зæрдæ
сивта, æмæ йемæ æппæт Израил дæр.
2Роховамæн йæ паддзахдзинады фæн-
дзæм аз Мысыры паддзах Шишак æрбабырс-
та Йерусалиммæ, уымæн æмæ израилæгтæ
Дунедарæгыл иузæрдион нал уыдысты.
3Шишакы æфсады уыдис иу мин æмæ
дыууæсæдæ хæцæн уæрдоны æмæ æртис-
сæдз мин бæхджыны, ноджы ма æнæнымæц
адæм Мысырæй, Ливи, Сукки æмæ Кушæй.
4Уый бацахста Иудейы фидæрттæ æмæ æр-
бахæццæ ис Йерусалиммæ.
5Уæд пехуымпар Шемайа бацыди Рохо-
ваммæ æмæ Иудейы уæздæттæм, Шиша-
кы тæссæй Йерусалимы чи æрæмбырд ис,
уыдонмæ, æмæ сын загъта: «Афтæ зæгъы
Дунедарæг: „Сымах Мæ ныууагътат, æмæ уæ
Æз дæр ныуувадздзынæн, Шишакы къухтæм
уæ ратдзынæн“».
6Уæд Израилы уæздæттæ æмæ паддзах
сæрныллæгæй загътой: «Раст у Дунедарæг!»
7Дунедарæг, фæсмон сæм æрцыди, уый
куы федта, уæд пехуымпар Шемайайæн
загъта: «Кæд сæ азымыл басастысты, уæд
сæ нал ныццæгъддзынæн, рæхджы сæ фер-
вæзын кæндзынæн. Йерусалимыл Мæ маст
нæ ныккалдзынæн, Шишакы амæттаг æй нæ
бакæндзынæн. 8Фæлæ йæ дæлбар уыдзысты,
цæмæй зоной: Мæнæн æви æндæр адæмты
паддзæхтæн лæггад кæнын хуыздæр у».
9Мысыры паддзах Шишак Йерусалиммæ
æрбацыд æмæ, Дунедарæджы Кувæндон
æмæ паддзахы галуаны хæзнадæтты цы-
дæриддæр уыди, уыдон рахаста. Соломон
цы сыгъзæрин уартытæ скодта, уыдон дæр
райста. 10Паддзах Роховам сын сæ бæсты
саразта æрхуы уартытæ æмæ сæ, паддзахы
галуанмæ бацæуæны цы хъахъхъæнджытæ
лæууыд, уыдонмæ радта. 11Æмæ-иу паддзах
Дунедарæджы Кувæндонмæ куы фæцæй-
цыди, уæд-иу йæ хъахъхъæнджытæ уыцы

уартытимæ йемæ рацыдысты, стæй-иу сæ
фæстæмæ хъахъхъæнджыты уатмæ бахастой.
12Роховам йæ азымыл куы басаст, уæд
дзы Дунедарæг аздæхта Йæ маст æмæ йæ
нал бабын кодта. Стæй Иудейы хорзæй дæр
исты уыди.
13Роховам йæ паддзахы бадæны æрфидар
ис æмæ дарддæр паддзахиуæг кодта Йеру-
салимы. Паддзах куы сси, уæд ыл цыдис иу
æмæ дыууиссæдз азы. Дунедарæг Израилы
æппæт хæдзарвæндæгты ’хсæн Йæ номыл
кæй равзæрста, уыцы сахар Йерусалимы Ро-
ховам паддзахиуæг фæкодта æвддæс азы. Йæ
мад Наама уыдис аммонаг чызг. 14Паддзах
Роховам æвзæр митæ кодта, уымæн æмæ
Дунедарæджы фæндон æххæст кæныныл
нæ архайдта.
15Роховамы хъуыддæгтæ райдианæй кæ-
ронмæ фыст æрцыдысты пехуымпар Шемайа
æмæ зонынджын Иддойы азфыстыты, йæ
хæдзарвæндаджы хабæртты чиныджы. Цæ-
рæнбонты Роховам хæцыди Йоровамимæ.
16Куы амарди, уæд æй бавæрдтой йæ фыдæл
Давиды сахары. Йæ фæстæ паддзах сси йæ
фырт Авийа.

**13** Йоровамæн йæ паддзахиуæджы æст-
дæсæм аз Иудейы паддзах сси Авийа. 2Йе-
русалимы йæ паддзахиуæг ахаста æртæ азы.
Йæ мады ном хуынди Михайа; уый уыди
Уриелы чызг, Гевæйы сахарæй.
Авийа æмæ Йоровамы ’хсæн хæст райдыд-
та. 3Авийайы æфсады уыди цыппарсæдæ
мин лæджы — æвзаргæ хæстонтæ, æхсар-
джынтæ, Йоровамы æфсады та — астсæдæ
мины, æвзаргæ хæстонтæ, сахъгуырдтæ.
4Авийа ссыди Цемараимы хохы сæрмæ
(уый ис Ефремы хæхбæсты), æмæ уырды-
гæй ныхъхъæр кодта:
— Йоровам æмæ æгас Израил, æрбай-
хъусут-ма! 5Дунедарæг, Израилы Хуыцау,
мыггагмæйы фидыдмæ гæсгæ, Израилы
паддзахад Давид æмæ йæ байзæддæгтæн
кæй радта, уый нæ зонут, æви? 6Фæлæ Нава-
ты фырт Йоровам, Давиды фырт Соломоны
лæггадгæнæг, йæ хицауы ныхмæ сыстади.
7Йæ алыварс æнаккаг æмæ ницæйаг адæм
æрæмбырд сты, сæ хъарутæ баиу кодтой
æмæ сыстадысты Роховамы, Соломоны фыр-
ты, ныхмæ. Роховам та уæд нырма æрыгон
æмæ æнæныфс уыди, æмæ сын ныххъуырд
раттын йæ бон нæ баци. 8Æмæ ныр сымах
сфæнд кодтат Дунедарæджы паддзахады,
Давиды байзæддæгтæн лæвæрд чи у, уый
ныхмæ фæлæууын. Сымах æнæнымæц стут,
æмæ уæм ис сыгъзæрин уæнгуытæ, Йоровам
уын хуыцæуттæ кæмæй саразта, уыдон!
9Сымах атардтат Дунедарæджы сауджынты,
Аароны байзæддæгты, стæй левитты, æмæ
уæхицæн сæвæрдтат, иннæ адæмтæм цы
сауджынтæ ис, ахæмты. Сауджын суæвыны
охыл уæм нывонд æрхæссынмæ иу уæныг
æмæ авд фырмæ чидæриддæр æрбацæуы,
уымæй уайсахат мæнг хуыцæутты сауджын
ацаразут. 10Махæн та нæ Хуыцау у Дунеда-
рæг, нæхи Йыл нæ атигъ кодтам. Махмæ
Йын лæггад кæнынц сауджынтæ, Аароны
байзæддæгтæ, æмæ сын левиттæ æххуыс
кæнынц. 11Æрвылрайсом æмæ æрвылизæр
Ын хæссынц иууылсудзинаг нывæндтæ æмæ
судзынц хæрздæфгæнæнтæ; сыгъдæг фын-
гыл рæнхъытæй равæрынц кувæггаг дзултæ.
Æрвылизæр сыгъзæрин цырагъдарæнæн йæ
цырæгътæ ссудзынц. Мах æххæст кæнæм
Дунедарæджы, нæ Хуыцауы, уагæвæрдтæ,
сымах та Йыл уæхи атигъ кодтат. 12Махæн
нæ раздзог Хуыцау у. Йæ сауджынтæ хæ-
тæлтæй ныууасыдысты — уæ фыдбылызæн
тохы хъæр хъуысы! Израилæгтæ, ма хæцут
Дунедарæгимæ, уæ фыдæлты Хуыцауимæ!
Ницы уын дзы рауайдзæн!
13Йоровам иудейæгтæн сæ фæсчъылдым-
мæ йе ’фсады иу къорд барвыста, йæхæдæг
та сæ ныхмæ лæууыд. 14Æмæ иудейæгтæ,
разæй дæр æмæ фæсте дæр сæ ныхмæ кæй
æрбабырсынц, уый куы федтой, уæд Дунеда-
рæгмæ сдзынæзтой. Сауджынтæ хæтæлтæй
ныууасыдысты, 15иудейæгтæ та иууылдæр
иумæ тохы хъæр ныккодтой. Æмæ, иудейæг-
тæ куы ныхъхъæр кодтой, уæд Дунедарæг
Авийа æмæ иудейæгтæн сæ цæстыты раз
Йоровам æмæ æппæт израилæгты ныддæ-
рæн кодта. 16Израилæгтæ лидзæг фесты,
фæлæ сæ Хуыцау иудейæгты къухтæм радта.
17Авийа йе ’фсадимæ израилæгтæй бирæты
фæцагъта, Израилы адæмæй тохы быдыры
фæмард ис фондзсæдæ мин æвзаргæ хæсто-
ны. 18Афтæмæй израилæгтæ саст æрцыдыс-
ты, иудейæгтæ сыл фæуæлахиз сты, уымæн
æмæ сæ зæрдæ дардтой Дунедарæгыл, сæ
фыдæлты Хуыцауыл.
19Авийа та дарддæр сырдта Йоровамы.
Бацахста йын йæ сахартæ: Вефил, Йешана
æмæ Ефрон сæ алыварс хъæутимæ.
20Авийайы заман Йоровам раздæрау хъо-
мысджын нал сси. Æппынфæстаг Дунеда-
рæджы фæндæй амарди. 21Авийайæн та йæ
хъомыс рæзыди. Уый ракуырдта цыппæрдæс
усы, æмæ йын райгуырди дыууæ æмæ ссæдз
фырты, стæй æхсæрдæс чызджы.

22 Авийайæн йæ иннæ хъуыддæгты тыххæй,
стæй йæ ныхæстæ бакæсæн ис пехуымпар
Иддойы фыст таурæгъы.

**14** Авийа куы амарди, уæд æй бавæрдтой
йæ фыдæл Давиды сахары. Йæ фæстæ пад-
дзах сси йæ фырт Аса. Йæ заманы бæстæ дæс
азы дæргъы сулæфыди хæстæй.
2 Аса, Дунедарæджы цæсты хорз æмæ рас-
тыл нымад цы уыди, уыдæттæ кодта. 3 Уый
фехæлдта æцæгæлон хуыцæутты нывонд-
хæссæнтæ æмæ сын сæ кувæн къуыбыртæ
ныппырх кодта, ныссаста сын сæ табуйаг
дуртæ æмæ акалдта Ашерæйы цæджындзтæ.
4 Иудейæгтæн бардзырд радта, цæмæй кад
кæной Дунедарæгæн, сæ фыдæлты Хуыца-
уæн, æхххæст Ын кæной Йе ’гъдау æмæ Йæ
фæдзæхстытæ. 5 Иудейы сахарты цы кувæн
къуыбыртæ æмæ хуры цыртсурæттæ уыди,
уыдон фехалын кодта.
Асайы рæстæджы Иудейы паддзахады са-
быр рæстæг скодта. 6 Цалынмæ бæстæ сабыр
уыди, уæдмæ Иудейы фидаргонд сахартæ са-
рæзта. Уыцы азты йемæ ничи хæцыд, уымæн
æмæ йын Дунедарæг сабырдзинад балæвар
кодта. 7 Æмæ иудейæгтæн загъта: «Саразæм
ацы сахартæ æмæ сын сæ алыварс бырутæ
самайæм, мæсгуытæ, кулдуæрттæ æмæ æв-
дузæнтимæ. Ацы зæхх нырма нæхи у, уымæн
æмæ мах æрцагуырдтам Дунедарæджы, нæ
Хуыцауы, æмæ нæ Уый дæр алырдыгæй
сæдас кодта». Афтæмæй аразын райдыдтой
æмæ уыдысты æнтыстджын.
8 Асайы æфсады Иудæйы хæдзарвæндагæй
уыдис æртæсæдæ мин хæстоны, æрцытæ æмæ
стыр уартытимæ, Бениамины хæдзарвæнда-
гæй та — дыууæсæдæ æстай мин хæстоны, æр-
дынтæ æмæ гыццыл уартытимæ. Ииуылдæр
уыдысты хъæбатыр хæстонтæ. 9 Сæ ныхмæ
хæстмæ рацыд эфиопаг Зерах, йе ’фсады уыди
мин мины хæстонтæ æмæ æртæсæдæ тохуæр-
доны. Æрбахæццæ ис Марешайы сахармæ.
10 Аса дæр йæ ныхмæ рацыди хæстмæ æмæ йе
’фсадимæ æрлæууыди Марешайы цур, Цефата-
йы дæлвæзы. 11 Дунедарæгмæ, йæ Хуыцаумæ,
скуывта: «О Дунедарæг! Дæу йеддæмæ чи
баххуыс кæндзæн æдыхæн, цæмæй хъомыс-
джыны ныхмæ фæлæууа! О Дунедарæг, нæ
Хуыцау! Баххуыс нын кæн уæдæ, уымæн æмæ
нæ зæрдæ Дæуыл дарæм, Дæ номы сæраппонд
рацыдыстæм ацы стыр æфсады ныхмæ. О
Дунедарæг! Ды нæ Хуыцау дæ! Адæймаджы
Дæ ныхмæ фæлæууын ма бауадз!»
12 Æмæ Дунедарæг Аса æмæ иудейæгтæн
уæлахиз радта. Эфиопæгты ныддæрæн
кодтой, æмæ уыдон лидзæг фесты. 13 Аса
сæ йæ адæмимæ суанг Герары онг фæсырдта.
Цагъды фесты эфиопæгтæ, иунæг дæр сæ
нал аирвæзт, уымæн æмæ Дунедарæг æмæ
Йе ’фсад рацыдысты сæ ныхмæ.
Иудейæгтæ ратæлæт кодтой æнæнымæц
æфтиаг. 14 Герары алыварс цы сахартæ уыди,
уыдонæн сæ мулк хæлæттаг фæкодтой æмæ
семæ бирæ æфтиæгтæ рахастой, уымæн
æмæ сын Дунедарæг сæ цæрджыты стыр
тас бауагъта. 15 Суанг ма сын сæ фыййæут-
ты цатыртæ дæр сафтид кодтой, лыстæг
фосы æнæнымæц дзугтæ æмæ теуатæ ра-
тæлæт кодтой. Уый фæстæ æрбаздæхтысты
Йерусалиммæ.

**15** Хуыцауы Уд æртыхсти Одеды фырт
Азариайыл, 2 æмæ уый Асайы размæ рацыд
æмæ йын загъта: «Аса, стæй Иудæ æмæ Бе-
ниамины адæм, æрбайхъусут-ма уе ’ппæт
дæр! Дунедарæг уыдзæни уемæ, цалынмæ
уæхæдæг Йемæ уат, уæдмæ. Куы Йæ агурат,
уæд уæм раргом уыдзæн. Фæлæ Йæ куы ныу-
уадзат, уæд уыл Уый дæр Йæхи атигъ кæн-
дзæн. 3 Израилы адæмæн бирæ рæстæджы
дæргъы нæдæр æцæг Хуыцау уыди, нæдæр
сауджын-зондамонæг, нæдæр Æгъдау. 4 Фæ-
лæ уынгæджы сахат Дунедарæгмæ, Израилы
Хуыцаумæ, се ’ргом куы раздæхтой æмæ Йæ
куы бацагуырдтой, уæд сæм Йæхи раргом
кодта. 5 Уыцы заманты балцы цæуын тæссаг
уыд, æппæт бæстæты адæмтæ стыр тасы
бацыдысты. 6 Адæмтæ цагътой кæрæдзи, иу
сахар иннæйы ныхмæ сыстади, сызнæт сты,
уымæн æмæ сыл Хуыцау алы фыдбылызтæ
æрцæуын кодта. 7 Фæлæ сымах фидар лæуут
æмæ уæ ныфс ма асæттæд, уымæн æмæ уæ
хъуыддæгты ныхмæ хæрзиуæг райсдзыстут».
8 Аса ацы рагуац куы фехъуыста Азари-
айæ, пехуымпар Одеды фыртæй, уæд фæ-
ныфсджын ис æмæ, Иудæ æмæ Бениамины
байзæддæгты зæххытыл, стæй, Ефремы
хæхбæсты цы сахартæ бацахста, уыдоны
мидæг цыдæриддæр æлгъагæй уыди, уыдон
аппарын кодта. Дунедарæджы Кувæндоны
тыргъы раз цы нывондхæссæн уыди, уый
дæр ногæй рацарæзта.
9 Уый фæстæ æрæмбырд кодта Иудæ æмæ
Бениамины адæмы, стæй ма, сæ зæххытæм
сын Ефрем, Менассиа æмæ Симеоны адæмæй
чи æрбалыгъди, уыдоны. Израилы адæ-
мæй йæм бирæтæ æрбалыгъдысты, уымæн
æмæ федтой, Дунедарæг, йæ Хуыцау, йемæ
кæй ис, уый. 10 Асайæн йæ паддзахиуæджы
фынддæсæм аз, æртыккаг мæйы, ииуылдæр

æрæмбырд сты Йерусалимы. 11Уымæй размæ
цы æфтиаг райстой, уымæй семæ æрба-
ластой авдсæдæ стуры æмæ авд мин фысы
æмæ сæ Дунедарæгæн нывондæн æрхастой.
12Афтæмæй Дунедарæгимæ, сæ фыдæлты
Хуыцауимæ, фидыд сарæзтой æмæ дзырд
радтой, сæ уд, сæ зæрдæ кæй хъардзысты
кад Ын кæныныл, 13Дунедарæгыл, Изра-
илы Хуыцауыл, йæхи чи атигъ кæна, уый
та-иу мæлæтмæ кæй ратдзысты, æрыгон
уа æви зæронд, нæлгоймаг æви сылгоймаг,
уый та уæлдай нæ уыдзæн. 14Æмæ хъæрæй
расомы кодтой Дунедарæджы раз, цинхъæр
самадтой, хætæлтæй Йын цагътой æмæ
сыкъауадындзтæй уасыдысты. 15Иудейæг-
тæ иууылдæр цин кодтой сæ ардбахæрдыл,
уымæн æмæ сомы ракодтой зæрдиагæй.
Æппæт зæрдæйæ Дунедарæджы æрцагуырд-
той, æмæ сæм Уый раргом ис. Дунедарæг сæ
алырдыгæй сæдас кодта.
16Аса йæ фыды мад Маахайæн йæ паддза-
хы кад айста, Ашерæйы кадæн цы æлгъаг
цæджындз саразын кодта, уый тыххæй. Цæ-
джындз акъуырдта, ныззыгуым æй кодта
æмæ йæ Кедроны дæлвæзы басыгъта. 17Кæд
Израилы зæххыл кувæн къуыбыртæ нæ аив-
та, уæддæр цæрæнбонты тынг æнувыд уыди
Дунедарæгыл. 18Уый бахаста Дунедарæджы
хæдзармæ, йæ фыд æмæ йæхæдæг Дунеда-
рæгæн кæй снывонд кодтой, уыцы лæвæрт-
тæ: æвзист, сыгъзæрин æмæ алы дзауматæ.
19Асайæн йæ паддзахиуæджы æртын фæн-
дзæм азмæ бæстæйы хæст нæ уыди.

**16** Асайы паддзахиуæджы æртын æхсæзæм
аз Израилы паддзах Бааса Иудейы ныхмæ
хæстмæ рацыди. Рамайы сахарæй фидар
аразын райдыдта, цæмæй Иудейы паддзах
Асайы зæхмæ бацæуæн дæр мауал уа, уыр-
дыгæй та — æддæмæ рацæуæн. 2Уæд Аса
Дунедарæджы Кувæндон æмæ йæ галуаны
хæзнадæттæй райста æвзист æмæ сыгъ-
зæрин æмæ сæ Сирийы паддзах Бен-Хада-
дæн Дамаскмæ арвыста. Бафæдзæхста йын
афтæ зæгъын: 3«Мæн фæнды демæ цæдис
скæнын, нæ фыдæлты ’хсæн куыд уыдис,
афтæ. Лæварæн дын æрвитын æвзист æмæ
сыгъзæрин. Израилы паддзах Баасаимæ дæ
цæдис фехал, цæмæй мæ арæнтæй йæхи
айса». 4Бен-Хадад сразы ис паддзах Асайы
фæндоныл, æмæ Израилы сахарты ныхмæ йе
’фсады хицæутты арвыста. Уыдон бацахстой
Ийон, Дан æмæ Авел-Маим, стæй, Неффа-
лимы хæдзарвæндаджы æфтауцуæттæ цы
сахарты уыдысты, уыдон. 5Бааса уыцы хабар
куы фехъуыста, уæд Рамайы фидар аразыны
куыст ныууагъта. 6Паддзах Аса æрæмбырд
кодта æппæт иудейæгты æмæ, дурæй, хъæ-
дæй, Бааса фидар аразынæн цыдæриддæр
æрмæг æрцæттæ кодта, уыдон Рамайы са-
харæй рахæссын кодта, Гевæ æмæ Мицпайы
фидæрттæ дзы сарæзта.
7Уыцы заман зонынджын Ханани иудейаг
паддзах Асамæ æрбацыд æмæ йын бауай-
дзæф кодта: «Ды ныфсджын уыдтæ Сирийы
паддзахæй. Дунедарæгыл, дæ Хуыцауыл, дæ
зæрдæ нæ дардтай, æмæ уый тыххæй Сири-
йы паддзахы æфсад аирвæзти дæ къухæй.
8Эфиопæгтæ æмæ ливиæгтæ сæ тохуæр-
дæттæ æмæ сæ бæхæфсадимæ адонæй бирæ
фылдæр нæ уыдысты, æви? Фæлæ дын сæ
Дунедарæг дæ къухмæ радта, уымæн æмæ
дæ зæрдæ дардтай Уыл.
9Дунедарæджы цæстытæ æгас зæххыл
дæр æхххæссынц, иузæрдион Ыл чи у, уыдо-
нæн æххуыс кæны. Фæлæ ды ацы хатт тынг
æнæрхъуыды ми бакодтай, æмæ нырæй фæс-
тæмæ дæ зæххыл æдзухдæр уыдзæни хæст».
10Аса зонынджынмæ смæсты ис, фыр
мæстæй ма йæ ахæстоны дæр сбадын код-
та. Уыцы заман адæмæй иуæй-иуты дæр
æнæхъуаджы карз бафхæрдта.
11Асайы хъуыддæгтæ иууылдæр, райди-
анæй кæронмæ, фыст æрцыдысты «Иудей
æмæ Израилы паддзæхты чиныджы». 12Йæ
паддзахиуæджы æртын фарæстæм аз йæ
къæхтæ риссын байдыдтой, æмæ фæстаг-
мæ низ йе ’ппæт буарыл дæр ахæлиу. Æмæ
рынчынæй дæр æрцагуырдта Дунедарæджы
нæ, фæлæ хосгæнджыты.
13Аса амарди йæ паддзахиуæджы цып-
пор фыццæгæм аз æмæ йæ фыдæлтимæ
баиу ис. 14Йæхицæн Давиды сахары цы зæп-
падз æрцæттæ кодта, уым æй бавæрдтой.
Йæ хуыссæнуат ын алыхуызон хæрздæф-
гæнæнтæй байдзаг кодтой. Йæ ныгæнæн
бон ын йæ номыл басыгътой тынг бирæ
хæрздæфгæнæнтæ.

**17** Асайы амæлæты фæстæ паддзах сси
йæ фырт Иосафат æмæ Израилы ныхмæ йæ
тыхтæ æрæмбырд кодта. 2Иудейы фидаргонд
сахартæм йе ’фсæдтæ барвыста, стæй æгас
Иудейы зæххыл æмæ, йæ фыд Аса Ефремы
зæххыл цы сахартæ бацахста, уыдоны дæр
йе ’фсæдтон къордтæ равæрдта.
3Дунедарæг аудыдта Иосафатыл, уымæн
æмæ уый алцæмæй дæр фæзмыдта, йæ фы-
дæл Давид йæ паддзахиуæджы райдиан
цы хъуыддæгтæ кодта, уыдон: Баалтæн нæ

куывта, 4фæлæ æрцагуырдта йæ фыдæлты
Хуыцауы æмæ Йын æххæст кодта Йæ фæ-
дзæхстытæ. Израилæгты хъуыддæгтæ нæ
фæзмыдта. 5Æмæ йын Дунедарæг йæ пад-
дзахдзинад æрфидар кодта. Иудейæгтæ йын
иууылдæр хастой лæвæрттæ, æмæ Иосафат
сси тынг хъæздыг æмæ номдзыд паддзах.
6Æппæт зæрдæйæ архайдта Дунедарæджы
фæндон æххæст кæныныл. Иудейы зæх-
хыл мæнгхуыцæуттæн арæзт кувæн къуы-
быртæ фехæлдта æмæ акалдта Ашерæйы
цæджындзтæ.

7Йæ паддзахиуæджы æртыккæгæм аз Ио-
сафат йæ барджынтæ Бен-Хаил, Овади, Заха-
риа, Нетанел æмæ Михайы арвыста Иудейы
алы сахартæм, адæмы ахуыр кæнынмæ. 8Се-
мæ сын левиттæй арвыста Шемайа, Нетаниа,
Зевадиа, Асаел, Шемирамот, Йонатан, Адо-
ниа, Товийа æмæ Тов-Адониайы, ноджы ма
сауджынты, Елишама æмæ Йорамы. 9Уыдон
семæ ахастой Дунедарæджы Æгъдауы чиныг,
æппæт иудейаг сахартыл æрзылдысты æмæ
адæмы ахуыр кодтой.

10Иудейы алыварс цы паддзахæдтæ уыди,
уыдоныл Дунедарæджы раз тас бахæцыд,
æмæ сæ ныфс нæ хастой Иосафаты ныхмæ
схæцынмæ. 11Филистимæгтæй чидæртæ Ио-
сафатæн хастой лæвæрттæ, хъалоны охыл —
æвзист. Араббæгтæ йын æрбатардтой лыстæг
фосы дзугтæ: авд мин æмæ авдсæдæ фыры,
стæй авд мин æмæ авдсæдæ цæуы.

12Иосафатæн йæ хъомыс фылдæрæй-фыл-
дæр кодта. Иудейы зæххыл сарæзта фидæрт-
тæ, стæй сахартæ æфтауцуатæн. 13Иудейы
сахарты йын бирæ мулк уыди, Йерусалимы
та æрбынат кодтой йæ хуыздæр хæстонтæ.
14Мæнæ сæ номхыгъд сæ мыггæгтæм гæс-
гæ. Иудæйы хæдзарвæндагæй — миныхи-
цæуттæ: æфсады хицау Адна æмæ йемæ
æртæсæдæ мин æхсарджын хæстоны; 15уый
дæлбар — æфсады хицау Йоханан æмæ йе-
мæ дыууæсæдæ æстай мин лæджы; 16уый
дæлбар — æфсады хицау Амасиа, Зихрийы
фырт, Дунедарæгæн бархийæ лæггадгæ-
нæг, йемæ — дыууæсæдæ мин æхсарджын
хæстоны.

17Миныхицæуттæ Бениамины хæдзарвæн-
дагæй: æхсарджын хæстон Елйада æмæ йемæ
дыууæсæдæ мин лæджы — æрдынтæ æмæ
уартытæй ифтонг; 18уый дæлбар — æфсады
хицау Йозавад æмæ йемæ сæдæ æстай мин
гæрзифтонг хæстоны.

19Адон иууылдæр лæггад кодтой паддза-
хæн, æгас Иудейы фидаргонд сахарты цы
’фсæдтæ æрæвæрдта, уыдонæй уæлдай.

**18** Иосафат уыди бонджын æмæ номдзыд
паддзах. Ахавимæ хæстæгдзинад бакодта
2æмæ йæм цалдæр азы фæстæ Самаримæ
уазæгуаты ацыди. Ахав æй хорз федта йæ
адæмимæ, бирæ фыстæ æмæ стуртæ сын
аргæвста; Иосафаты ардауын райдыдта, цæ-
мæй йемæ Галаадаг Рамоты ныхмæ схæца.
3Израилы паддзах Ахав бафарста Иудейы
паддзах Иосафаты: «Ацæудзынæ мемæ
Галаадаг Рамоты ныхмæ хæцынмæ?» Уый
йын дзуапп радта: «Ды кæдæм цæуай, æз
дæр — уырдæм. Мæ адæм дæ адæмы фæдыл
ацæудзысты, цæуын демæ хæстмæ».

4Иосафат ма Израилы паддзахæн ноджы
загъта: «Раздæр уал Дунедарæджы бафæрс».
5Израилы паддзах фæсидти цыппарсæдæ
пехуымпармæ æмæ сæ бафарста: «Галаадаг
Рамоты ныхмæ хæцынмæ ацæуæм æви нæ?»
Уыдон ын дзуапп радтой: «Ацу. Дунедарæг
дын æй дæ къухмæ ратдзæн».

6Фæлæ Иосафат бафарста: «Дунедарæджы
пехуымпартæй ма ам исчи ис, кæй бафæр-
сæм, ахæм?»

7Израилы паддзах Иосафатæн дзуапп рад-
та: «Ис ма иу лæг, Дунедарæджы нын чи
бафæрсид, ахæм, фæлæ дзы ме сæфт уынын,
уымæн æмæ мын хæрзмæ пехуымпариуæг
никуы фæкæны, æрмæстдæр мæ фыдбылыз-
мæ. Уый Имлайы фырт Миха у».

Иосафат ын загъта: «Паддзахыл ахæм ны-
хæстæ нæ фидауынц».

8Уæд Израилы паддзах йæ галуаны кус-
джытæй иумæ фæдзырдта æмæ йын загъ-
та: «Тагъддæр мын Имлайы фырт Михайы
ардæм æрбакæн!»

9Израилы паддзах æмæ Иудейы паддзах
Иосафат сæ къæлæтджынты, сæ паддзахы
дарæсты, бадтысты Самарийы кулдуары раз,
мусы цур, æмæ пехуымпартæ иууылдæр
пехуымпариуæг кодтой сæ разы. 10Сæ иу,
Кенаанайы фырт Цедекиа, йæ сæрыл æрсагъ-
та æфсæн сыкъатæ æмæ загъта: «Дунедарæг
афтæ зæгъы: ацы сыкъатæй сириæгты цæв-
дзынæ, цалынмæ бындзагъд фæуой, уæдмæ».

11Иннæ пехуымпартæ дæр се ’ппæт дæр
фæзмыдтой Цедекиайы, пехуымпариуæг
кодтой æмæ дзырдтой: «Ацу Галаадаг Рамо-
ты ныхмæ хæцынмæ, фæуæлахиз уыдзынæ!
Дунедарæг æй паддзахы къухтæм ратдзæн».

12Уыцы заман, паддзах кæй арвыста, уый
дæр Михамæ бахæццæ æмæ йын загъта: «Пе-
хуымпартæ се ’ппæт дæр æмдзыхæй хæрзмæ
пехуымпариуæг кæнынц паддзахæн. Хорз
уаид, ды дæр сæ куы бафæзмис æмæ хорзæй
исты куы зæгъис».

13Миха загъта: «Дунедарæгæй ард хæрын,
æрмæстдæр мын мæ Хуыцау цы зæгъа, уый
дзурдзынæн».
14Паддзахмæ куы бацыди, уæд æй уый
бафарста: «Миха! Галаадаг Рамоты ныхмæ
хæцынмæ ацæуæм æви нæ?» Уый йын дзуапп
ын радта: «Ацæут, æнтыстджын уыдзыстут,
уæ къухтæм æрцæудзысты лæвæрд». 15Пад-
дзах ын загъта: «Цал хатты дæм хъуамæ
хатон: Дунедарæджы номы сæраппонд мын
рæстдзинад йеддæмæ мацы дзур!» 16Миха
йын дзуапп радта: «Æз федтон: Израилы æф-
сад æнæфыййау фысты дзугау ныххæлиу сты
хæхтыл. Æмæ Дунедарæг загъта: „Хицау сын
нæй, æмæ ма цалынмæ сæрæгас сты, уæд-
мæ сæ хæдзæрттæм аздæхæнт фарнимæ“».
17Израилы паддзах загъта Иосафатæн:
«Нæ дын дзырдтон, хæрзмæ мын пехуым-
париуæг никуы фæкæны, æрмæстдæр мæ
фыдбылызмæ, зæгъгæ?»
18Миха йæ ныхас дарддæр кодта: «Æрбай-
хъусут Дунедарæджы ныхасмæ! Æз федтон
Дунедарæджы, Йæ паддзахы бадæны бадгæ.
Йæ уæларвон æфсад иууылдæр Йæ рахизфарс
æмæ Йæ галиуфарс лæууыдысты. 19Дунеда-
рæг сæ бафарста: „Чи уæ самидин кæндзæн
Израилы паддзах Ахавы, цæмæй Галаадаг
Рамотмæ бабырса æмæ уым йæ мæлæт ссара?“
Æмæ дзы иу кодта иу ныхас, иннæ та æндæр.
20Уæд Дунедарæджы раз иу мон æрлæууыд
æмæ загъта: „Æз æй самидин кæндзынæн“.
Дунедарæг æй бафарста: „Куыд?“ 21Уый Йын
дзуапп радта: „Æз йе ’ппæт пехуымпарты
дзыхы фæливæг мон фестдзынæн“. Æмæ
йын уæд Дунедарæг загъта: „О, бантысдзæн
дын, самидин æй кæндзынæ. Ацу æмæ афтæ
бакæн“. 22Афтæмæй ныр пехуымпарты дзы-
хæй уыцы фæливæг мон дзуры Дунедарæджы
фæндонæй, уымæн æмæ дæуæн фыдбылыз
саразын у Дунедарæджы фæнд».
23Уæд Кенаанайы фырт Цедекиа Михайы
цурмæ бацыди, йе ’хсæрфарс ын ныддзæхст
ласта æмæ загъта: «Уый та куыд? Ома Дуне-
дарæджы Уд мæныл Йæхи атигъ кодта æмæ
дæ дзыхæй дзурын райдыдта?» 24Миха йын
дзуапп радта: «Ахæм бон æрцæудзæн, æмæ
’ппæты рæбинагдæр уаты къуымы æмбæхс-
дзынæ, цæмæй дæ мачи ссара». 25Израилы
паддзах бардзырд радта: «Райсут Михайы
æмæ йæ акæнут сахары хицау Амонмæ, стæй
мæ фырт Йоасмæ. 26Зæгъут-иу сын: „Афтæ
зæгъы паддзах: ахæстоны йæ сбадын кæнут,
мамæлайы къæбæр æмæ йын дон йеддæмæ
мацы дæттут, цалынмæ сæрæгасæй фæстæ-
мæ не ’рбаздæхон, уæдмæ“».
27Миха йын загъта: «Дзæбæхæй куы ’рбаз-
дæхай, уæд Дунедарæг нæ дзырдта мæ дзы-
хæй». Æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: «Уый
алчидæр фехъусæд!»
28Израилы паддзах æмæ Иудейы паддзах
Иосафат иумæ ацыдысты галаадаг сахар
Рамоты ныхмæ хæцынмæ. 29-30Фæндагыл
Израилы паддзах Иосафатæн загъта: «Æз
мæ паддзахы дарæс раивдзынæн, æмæ хæ-
цын райдайдзынæн, ды та-иу дæ паддзахы
дарæс уадз дæ уæлæ». Афтæмæй Израилы
паддзах раивта йæ дарæс æмæ тохы бацыди.
Ныр Сирийы паддзах та йæ тохуæрдæтты
хицæуттæн бафæдзæхста: «Израилы пад-
дзахæн йе ’фсады хицæуттæй дæр æмæ ху-
ымæтæг хæстонтæй дæр макæимæ хæцут,
æрмæстдæр — йæхи ныхмæ!» 31Тохуæр-
дæтты хицæуттæ Иосафаты куы ауыдтой,
уæд æй Израилы паддзах фæхуыдтой æмæ
йæ алыварс æртыхстысты, цæмæй йемæ
схæцой. Иосафат ныхъхъæр кодта, æмæ йæ
Дунедарæг фервæзын кодта, Хуыцау ын сæ
йæ цурæй иуварс аздæхта. 32Тохуæрдæтты
хицæуттæ йæ ныуагътой, уымæн æмæ фед-
той, Израилы паддзах кæй нæу, уый.
33Сирийы ’фсадæй иу хæстон æнæнхъæ-
лæджы йæ фат суагъта æмæ йын Израилы
паддзахыл суади, згъæрхæдонæн йе згъæр-
сыфты ’хсæнты бахызти. Æмæ паддзах йæ
бæхтæрæгæн загъта: «Алас мæ ардыгæй!
Фæцæф дæн».
34Хæст уыцы бон йæ тæккæ тæмæны ба-
цыд. Æмæ Израилы паддзах, сириæгтæ йæ
куыд уыной, афтæ йæ уæрдоны уырдыг фæ-
лæууыди изæрмæ. Хурныгуылды фæстæ
амарди.

**19** Ныр иудейаг паддзах Иосафат та сæрæ-
гасæй раздæхти Йерусалиммæ, йæ галуанмæ.
2Зонынджын Йегу, Хананийы фырт, фæнда-
гыл йæ размæ рацыд æмæ йын бауайдзæф
кодта: «Ау, дæуæн æмбæлдис æнæхуыцауæн
æххуыс кæнын æмæ, Дунедарæг æнæуынон
кæмæн у, уыдонимæ лымæн кæнын? Уый
тыххæй дæ Дунедарæджы азар баййафдзæн.
3Æниу, хорзæй дæр цыдæртæ сарæзтай, уы-
мæн æмæ Иудейы зæххыл Ашерæйы цæ-
джындзтæ акалдтай, Дунедарæджы агуырд-
тай зæрдиагæй».
4Иосафат царди Йерусалимы, фæлæ та
иуахæмы æрзылди бæстæйыл, Беер-Шевæйæ
Ефремы хæхбæсты онг. Адæмы се ’ппæты
дæр Дунедарæгмæ, сæ фыдæлты Хуыцаумæ,
здæхта. 5Иудейы алы фидаргонд сахары дæр
сæвæрдта тæрхоны лæгтæ. 6Бафæдзæхста

сын: «Тæрхон куы кæнат, уæд-иу, цы кусут,
ууыл лæмбынæг ахъуыды кæнут, уымæн
æмæ сымах тæрхон кæнут адæймаджы
номæй нæ, фæлæ Дунедарæджы номæй.
Тæрхон куы хæссат, уæд Дунедарæг кæд-
дæриддæр уыдзæни уемæ. 7Дунедарæгæн
аргъуыц кæнут, хъавгæйæ архайут, уымæн
æмæ Дунедарæг, нæ Хуыцау, раст тæрхон
никуы халы, никæй хъулон кæны æмæ гæр-
тæмттæ нæ исы».

8Иосафат Йерусалиммæ куы 'рбаздæхти,
уæд уым дæр левиттæ, сауджынтæ æмæ Из-
раилы мыггæгты хистæртæй баурæдта тæр-
хоны лæгтæ, цæмæй Дунедарæджы номæй
адæмæн тæрхон кæной æмæ-иу сын сæ хъаст
æвзарой. 9Бафæдзæхста сын: «Дунедарæгæн
лæггад кæнут, аргъуыцгæнгæйæ, цæсгом-
джынæй æмæ сыгъдæгзæрдæйæ. 10Уе 'фсы-
мæртæй, иннæ сахарты чи цæры, уыдонæй
уæм исчи йæ хъаст куы 'рбахæсса, уæд-иу
сæ рагацау бахизут тæригъæдæй — сæ хъаст
тугныккалд кæнæ Æгъдауы фæрстытимæ
баст уа, йæ фæдзæхстытæ, йæ уагæвæрдтæ
æви йæ амындтытимæ, — цæмæй уын уæ-
хи дæр æмæ уе 'фсымæрты дæр Дунедарæг
Йæ азары хай ма бакæна. Афтæ куы кæнат,
уæд тæригъæды нæ бацæуыдзыстут. 11Дуне-
дарæгимæ цы хъуыддаг баст уа, уыдонæй
алкæцыйы дæр уæ сæргъы уыдзæни хистæр
сауджын Амариа, паддзахы алы хъуыдда-
джы та — Измаелы фырт Зевадиа, Иудæйы
хæдзарвæндаджы хистæр. Левиттæ та уын
æххуыс кæндзысты. Ныфсхаст ут, æмæ уын
Дунедарæг уæ алы хорз хъуыддаджы дæр
ахъазгæнæг уæд».

**20** Уымæй цасдæр рæстæджы фæстæ мо-
авæгтæ æмæ аммонæгтæ, меунæгтæй дæр
семæ чидæртæ баиу ис, афтæмæй Иосафаты
ныхмæ хæстмæ рацыдысты. 2Иосафатмæ
фæхабар чындæуыд: «Денджызы фалейæ,
Сирийы 'рдыгæй дæм æрбабырсынц æнæ-
нымæц æфсæдтæ. Ныридæгæн бахæццæ
сты Хацецон-Тамармæ» (ома Ен-Гедимæ).

3Иосафат фæтарсти æмæ сфæнд код-
та Дунедарæджы бафæрсын. Æгас Иуде-
йы адæмæн дæр ком дарын бафæдзæхста.
4Иудейæгтæ алы сахартæй æрæмбырд сты
Дунедарæгæй æххуыс курынмæ, Дунедарæ-
джы бафæрсынмæ. 5Иосафат Дунедарæджы
хæдзары ног кæрты Иудей æмæ Йерусалимы
цæрджыты раз æрлæууыд 6æмæ скуывта: «О
Дунедарæг, нæ фыдæлты Хуыцау! Уæлæрв-
тæн дæр æмæ алы паддзахадæн дæр сæ Ху-
ыцау Ды куы дæ! Хъару æмæ хъомыс Дæумæ
куы сты! Дæ ныхмæ æрлæууын куы никæй
бон у! 7О нæ Хуыцау, Дæ адæм Израилы цу-
рæй Ды ацы зæххæн йæ раздæры цæрджыты
дæр куы фæсырдтай æмæ уыцы зæхх Дæ
лымæн Авраамы байзæддæгтæн куы сак-
каг кодтай! 8Æрцардысты дзы æмæ дзы Дæ
номыл Кувæндон сарæзтой. Уыдон загътой:
9„Исты бæллæх ныл куы 'рцæуа — хæст, рын
кæнæ стонг заман, — уæд æрлæудзыстæм
ацы Кувæндоны раз, Дæ разы, уымæн æмæ
ацы Кувæндоны Дæ ном цæры. Æмæ Дæм
уынгæг заманы куы скувæм, уæд нæ Ды
фехъусдзынæ æмæ нæ фервæзын кæндзы-
нæ“. 10Æмæ ныр фæзындысты аммонæгтæ,
моавæгтæ æмæ Сеиры хæхбæсты цæрджы-
тæ, кæддæр израилæгтæ Мысыры зæххæй
куы рацыдысты, уæд сæ Ды кæй зæххытæм
бацæуын нæ бауагътай, æмæ сæ иувæрсты
кæмæн ацыдысты, стæй кæй нæ ныццагъ-
той, уыдон. 11Кæс-ма, нæ хорздзинад нын
цæмæй фидынц, уымæ. Фæзындысты нæм,
цæмæй нæ, Ды нын исбонæн цы зæхх рад-
тай, уырдыгæй фæсурой. 12О нæ Хуыцау!
Дæхæдæг сын тæрхонгæнæг фæу! Уымæн
æмæ махмæ хъару нæй уыцы æнæнымæц
æфсæдты ныхмæ æрлæууынæн. Ницыуал
зонæм нæ сæрæн, Дæумæ у нæ каст!»

13Иудейæгтæ иууылдæр лæууыдысты
Дунедарæджы раз, æд сабитæ, æд устытæ
æмæ æд фырттæ. 14Се 'хсæн левиттæй, Аса-
фы хæдзарвæндагæй, лæууыдис иу лæг, йæ
ном — Йахазиел. Йæ фыдæлтæ кæстæрæй
хистæрмæ: Захариа, Бенайа, Йеиел, Мат-
таниа. Хуыцауы Уд Йахазиелыл æртыхсти,
15æмæ уый загъта: «Æрбайхъусут мæм иу-
уылдæр, иудейæгтæ, Йерусалимы цæрджы-
тæ æмæ паддзах Иосафат! Дунедарæг уын
афтæ зæгъы: уыцы æнæнымæц æфсæдтæй
ма тæрсут æмæ тасы ма бацæут. Уымæн
æмæ уый сымах нæ, фæлæ Хуыцауы хæст
у. 16Райсом рацæудзыстут сæ ныхмæ. Уы-
дон ныр Цицы 'фцæгыл ссæуынц, æмæ сæ
дæлвæзы кæрон, Йеруелы æдзæрæг быдыр
кæм райдайы, уым ссардзыстут. 17Фæлæ ацы
хатт сымах нæ хæцдзыстут семæ. Æнцад-иу
лæуут æмæ кæсут, Дунедарæг уæ куыд фер-
вæзын кæндзæн, уымæ.

Иудейæгтæ æмæ Йерусалимы цæрджытæ!
Ма тæрсут æмæ тасы ма бацæут. Райсом-иу
сæ ныхмæ хæцынмæ рацæут. Дунедарæг
уыдзæни уемæ».

18Иосафат ныддæлгом ис Дунедарæджы
раз, иудейæгтæ æмæ Йерусалимы цæрджы-
тæ дæр иууылдæр зæххыл ныддæлгом сты
æмæ Йын бакуывтой. 19Уый фæстæ левиттæ,

Кехат æмæ Корахы хæдзарвæндæгтæй,
сыстадысты æмæ бæрзонд хъæлæсæй ста-
уын райдыдтой Дунедарæджы, Израилы
Хуыцауы.
[20]Сæумæцъæхæй Текоайы æдзæрæг быды-
ры ’рдæм сæ фæндаг адардтой. Куы рацæй-
цыдысты, уæд Иосафат сыстади æмæ загъта:
«Æрбайхъусут мæм, Иудей æмæ Йерусалимы
цæрджытæ! Æууæндут Дунедарæгыл, уæ Ху-
ыцауыл, æмæ нæ фæцудздзыстут! Æууæндут
Ын Йæ пехуымпартыл æмæ æнтыстджын
уыдзыстут!»
[21]Иосафат адæмимæ бауынаффæ кодта
æмæ зарæггæнджытæн бафæдзæхста, цæ-
мæй æфсады разæй цæуой æмæ Дунеда-
рæджы кадæн зарой, стауой Йын Йæ уаз
стырад: «Кад кæнут Дунедарæгæн, уымæн
æмæ Йæ хорзæх мыггагмæ нæ сæфы!» [22]Ста-
уын æмæ зарын куы райдыдтой, уæд Дуне-
дарæг аммонæгтæ, моавæгтæ æмæ Сеиры
хæхбæсты цæрджыты кæрæдзийы ныхмæ
скодта, æмæ цагъды фесты. [23]Аммонæгтæ
æмæ моавæгтæ Сеиры хæхбæсты цæрджы-
тæм бабырстой æмæ сæ ныддæрæн кодтой,
уый фæстæ та сæ кæрæдзийы ныццагътой.
[24]Иудейæгтæ уæлкъуыбырмæ куы схæццæ
сты, æдзæрæг быдырыл афæлгæсæн кæ-
цæй уыдис, уырдæм, уæд дзы, сæ фыдгулты
мæрдты йеддæмæ, ницыуал федтой. Иунæг
дæр дзы нал аирвæзт. [25]Иосафат æмæ сæм
йæ адæм ныццыдысты æфтиаг æрæмбырд
кæнынмæ, æмæ сæм бирæ мулк разынди,
уæлæдарæсæй, зынаргъ дзаумайæ. Уый
бæрц æфтиаг сæм æрæмбырд ис, æмæ йæ
сæ бон ахæссын дæр нæ уыд, æртæ боны
йæ фæхастой. [26]Цыппæрæм бон иууылдæр
æрæмбырд сты Арфæйы дæлвæзы, уымæн
æмæ уым Дунедарæгæн арфæ ракодтой. Уы-
мæ гæсгæ уыцы дæлвæз ныронг дæр хонынц
«Арфæйы дæлвæз». [27]Уый фæстæ Иудей æмæ
Йерусалимы цæрджытæ, Иосафат сæ сæргъы,
афтæмæй, цингæнгæйæ, æрбаздæхтысты
Йерусалиммæ, уымæн æмæ Дунедарæджы
фæрцы се знæгтыл фæуæлахиз сты. [28]Дыу-
уадæстæнонтæ, хъисфæндыртæ æмæ хæ-
тæлтæй цагътой, афтæмæй æрбаздæхтысты
Йерусалиммæ æмæ сæ ных Дунедарæджы
Кувæндоны ’рдæм сарæзтой.
[29]Бæстæйы алыварс цы паддзахæдтæ уыди,
уыдоны цæрджыты стыр тас бацыди, Дуне-
дарæг Израилы фыдгулты ныхмæ Йæхæдæг
хæцыд, уый куы фехъуыстой, уæд. [30]Æмæ
Иосафаты паддзахады ралæууыди сабыр
заман, Дунедарæг æй алырдыгæй дæр сæ-
дас кодта.
[31]Иосафат Иудейы паддзах куы сси, уæд ыл
цыди фынддæс æмæ ссæдз азы, æмæ Йеру-
салимы паддзахиуæг фæкодта фондз æмæ
ссæдз азы. Йæ мад уыди Шилхийы чызг Азувæ.
[32]Иосафат цыди йæ фыд Асайы фæндагыл,
иуæрдæм дзы никуы фæзылди, Дунедарæгæн
фæндон хъуыддæгтæ кодта. [33]Æрмæст кувæн
къуыбыртæ нæ аивта, æмæ адæм сæ фыдæлты
Хуыцауæн бынтон зæрдиагæй кад нæма кодтой.
[34]Иосафаты хъуыддæгтæ райдианæй кæ-
ронмæ фыст сты Хананийы фырт Йегуйы
азфыстыты æмæ хаст æрцыдысты «Израилаг
паддзæхты азфыстыты чиныгмæ».
[35]Иу заман Иосафат æмдзæхдон сси Из-
раилы паддзах Ахазиаимæ, æнаккаг митæ
чи кодта, уыимæ. [36]Иумæ наутæ аразынил
баныхас кодтой, цæмæй сæ Таршишмæ æр-
витой. Æмæ Ецион-Геверы наутæ сарæзтой.
[37]Уый тыххæй марешайаг Елиезер, Додава-
йы фырт, Иосафаты ныхмæ рагуацы хуызы
загъта: «Ахазиаимæ æмдзæхдон кæй сдæ,
уый тыххæй дын Дунедарæг дæ хъуыддаг
фехалдзæн». Æмæ Иосафаты наутæ Таршиш-
мæ нал ацыдысты — ныппырх сты.

**21** Иосафат амарди, æмæ йæ бавæрдтой
йæ фыдæлты фарсмæ, Давиды сахары. Йæ
фæстæ паддзах сси йæ фырт Иорам. [2]Уымæн
уыдис æхсæз æфсымæры: Азариа, Йехиел,
Захариа, Азари, Михаел æмæ Шефати. Уыдон
се ’ппæт дæр уыдысты Иудейы паддзах Иоса-
фаты фырттæ. [3]Сæ фыд сын бирæ лæвæрттæ
ракодта: æвзистæй зæгъай, сыгъзæринæй,
алы зынаргъ дзаумайæ. Рауæлдай сын кодта
Иудейы фидаргонд сахартæй дæр, фæлæ йæ
паддзахы бадæн радта Иорамæн, уымæн
æмæ уый уыди йæ фыццаг зæнæг.
[4]Иорам йæ фыды бæсты паддзах куы сси
æмæ йæ бынаты куы ’рфидар ис, уæд йе
’фсымæрты се ’ппæты дæр амарын кодта,
ноджы ма Израилы барджынтæй кæйдæрты.
[5]Паддзах куы сси, уæд Иорамыл цыди æр-
тын дыууæ азы, æмæ Йерусалимы паддзахи-
уæг фæкодта аст азы. [6]Йе ’наккаг митæй фæз-
мыдта Израилы паддзæхты, Ахавы бинонты,
уымæн æмæ йæ бинойнаг уыдис Ахавы чызг.
Дунедарæгæн æнæуынон цы уыди, уыдæттæ
кодта. [7]Фæлæ Дунедарæджы Давиды мыггаг
фесафын нæ фæндыд, кæддæр Давидимæ кæй
сарæзта, уыцы фидыды сæраппонд. Уый Да-
видæн зæрдæ бавæрдта, йæ байзæддæгтæн сæ
зынг мыггагмæ кæй нæ ахуысдзæн, уымæй.

[8]Иорамы заман Едомы цæрджытæ Иу-
дейы ныхмæ сыстадысты æмæ сæхæдæг

сæхицæн паддзах равзæрстой. 9Иуахæмы
Иорам йе ’ппæт æфсады хицæуттæ æмæ
йæ тохуæрдæттимæ сæ ныхмæ хæцынмæ
рацыд. Едомæгтæ сыл æрхъула кодтой, фæ-
лæ адон æхсæвы семæ схæцыдысты æмæ сæ
ныддæрæн кодтой. 10Æмæ уæдæй нырмæ
Едомы цæрджытæ Иудейы дæлбар нал сты.

Уыцы заман Ливнæйы сахар дæр Иорамы
хицаудзинады ныхмæ систади, уымæн æмæ
Иорам ферох кодта Дунедарæджы, йæ фы-
дæлты Хуыцауы. 11Суанг ма Иудейы хæхтыл
кувæн къуыбыртæ дæр сарæзта, Иудей æмæ
Йерусалимы цæрджыты æнæуаг митыл баф-
тыдта, раст фæндагæй сæ аздæхта. 12Уыцы
заман æм пехуымпар Илийа æрбарвыста
ахæм фыстæг: «Афтæ зæгъы Дунедарæг, дæ
фыдæл Давиды Хуыцау: ды нæ бафæзмыдтай
дæ хъуыддæгтæй дæ фыд Иосафаты, стæй дæ
фыды фыд Асайы, Иудейы паддзахы. 13Уый
нæ, фæлæ ацыдтæ израилаг паддзæхты фæн-
дæгтыл, Иудей æмæ Йерусалимы цæрджыты
æнæуаг митыл бафтыдтай, Ахавы хæдзар-
вæндаджы бафæзмыдтай. Ды амардтай дæ
хæрз æфсымæрты, дæуæй хуыздæр чи уыди,
уыдоны. 14Уый тыххæй дын Дунедарæг дæ
адæм, дæ фырттæ æмæ дæ устыты, стæй де
’ппæт исбон дæр Йæ азары хай бакæндзæн.
15Дæхиуыл та дын сау низ бафтаудзæн, æмæ
дын уыцы низ дæ хуылф хæрдзæни, ца-
лынмæ дæ хуылфыдзаумæттæ æддæмæ
ракæлой, уæдмæ».

16Дунедарæг Иорамы ныхмæ сыстын код-
та филистимæгтæ æмæ араббæгты, эфио-
пæгтæм хæстæг чи царди, уыдоны. 17Уыдон
Иудеймæ æрбабырстой æмæ йæ бацахстой,
паддзахы галуан ныххæлæттаг кодтой. Йæ
фырттæ æмæ йын йæ устыты акодтой уаца-
ры. Йæ фырттæй йын, йæ кæстæр фырт Аха-
зиайæ фæстæмæ, уым никæйуал ныуагътой.

18Уый фæстæ Дунедарæг Иорамæн йæ
хуылфыдзаумæттыл, хос кæмæн нæ уыд,
ахæм низ бафтыдта. 19Бонæй-бонмæ фыд-
дæр кодта, æмæ йыл афтæмæй дыууæ азы
куы рацыд, уæд иуахæмы йæ хуылфыдзау-
мæттæ æддæмæ ракалдысты, æмæ бирæ
хъизæмæртты фæстæ йæ уд systa.

**22** Йерусалимы цæрджытæ йын йæ бæсты
паддзахæй сæвæрдтой йæ кæстæр фырт Аха-
зиайы, уымæн æмæ йæ хистæр фырттæ æгас
нал уыдысты. Араббæгтимæ цы æфсæддон
къорд æрбацыд, уый иудейæгты хæстон
асадæнмæ бабырста æмæ сæ ныццагъта.
Афтæмæй Иудейæн паддзах сси Иорамы
фырт Ахазиа. 2Йерусалимы паддзах куы сси,
уæд ыл цыди дыууæ æмæ дыууиссæдз азы,
æмæ йæ паддзахиуæг ахаста иу аз. Йæ мад
Атали уыд Амрийы фырты чызг.

3Ахазиа дæр Ахавы мыггаджы фæндагыл
цыди, уымæн æмæ йын уынаффæгæнæг уы-
дис йæ мад, æнæхуыцау митыл æй ардыдта.
4Ахавы байзæддæгты фæзмгæйæ, Дунеда-
рæгæн æнæуынон цы уыди, уыдæттæ кодта,
уымæн æмæ йын йæ фыды амæлæты фæстæ
уынаффæгæнджытæ уыдон уыдысты æмæ
йæ сæфтмæ æркодтой. 5Сæ уынаффæмæ
байхъусгæйæ, Израилы паддзах Йорами-
мæ, Ахавы фыртимæ, бабырста Галаадаг
Рамотмæ æмæ Сирийы паддзах Хазаелы
ныхмæ схæцыди. Сириæгтæ йæ фæцæф код-
той, 6æмæ æрбаздæхти Изреелмæ, Сирийы
паддзах Хазаелы ныхмæ хæцгæйæ, Рамоты
сахары цы цæфтæ райста, уыдонæй йæхи
сдзæбæх кæнынмæ. Ахавы фырт Йораммæ
йæ рынчыны заман Изреелмæ бæрæггæнæг
æрбацыд Иудейы паддзах Ахазиа, Иорамы
фырт. 7Æмæ уый Ахазиайæн уыди йæ адзалы
бон, уымæн æмæ афтæ сфæнд кодта Хуыцау.

Ахазиа Йораммæ куы ’рбацыди, уæд иумæ
Нимшийы фырт Йегуйы ныхмæ хæцынмæ
рацыдысты, уый та Дунедарæг байсæрста
паддзахæй, цæмæй Ахавы бинонты ныц-
цæгъда. 8Ахавы бинонтæн цы тæрхон рахас-
тæуыд, уый æххæстгæнгæйæ, Йегу ссардта
Иудейы æфсады хицæутты, стæй Ахазиайæн
йе ’фсымæрты лæппуты, лæггад ын чи код-
та, уыдоны, æмæ сæ амардта. 9Уый фæстæ
Ахазиайы агурын райдыдта æмæ, Самарийы
æмбæхстæй куы бадти, уæд ахст æрцыди.
Йегумæ йæ æрбакодтой æмæ йæ амардтой.
Бавæрыны аккаг æй скодтой, уымæн æмæ
загътой: «Цыфæнды куы уа, уæддæр Дуне-
дарæгæн зæрдиагæй кад чи кодта, уыцы
Иосафаты фырты фырт у». Æмæ Ахазиа-
йы хæдзары, паддзахиуæг кæнын йæ бон
кæмæн суыдаид, ахæмæй ничиуал баззад.
10Уымæн æмæ йын йæ мад Атали йæ амæ-
лæты хабар куы базыдта, уæд бавдæлд æмæ
Иудæйы хæдзарвæндаджы паддзæхты мыг-
гаг бынтондæр сыскъуыййын кодта. 11Фæлæ
паддзахы чызг Йошевæ Ахазиайы чысыл
лæппу Иоасы, марынвæнд кæмæн скодтой,

паддзахы уыцы фыртты ’хсæнæй радавта,
йæ дыджызæйы дæр ын ракодта æмæ сæ
уаты бамбæхста. Афтæмæй Йошевæ (паддзах
Иорамы чызг, сауджын Йеходайы бинойнаг,
Ахазиайы хо), Иоасы Аталийæ бамбæхста,
æмæ йæ уый нæ амардта. 12Дунедарæджы
Кувæндоны Иоас семæ æмбæхстæй фæци
æхсæз азы. Бæстæйы та уыцы заман пад-
дзахиуæг кодта Атали.

**23** Æвдæм аз куы ралæууыд, уæд сауджын
Йехода фæныфсджын ис æмæ сæдæйыхи-
цæуттимæ бадзырд сарæзта: Йерохамы фырт
Азариа, Йохананы фырт Измаел, Оведы фырт
Азариа, Адайайы фырт Маасеа æмæ Зихри-
йы фырт Елишафатимæ. 2Уыдон Иудейыл
æрзылдысты æмæ æппæт иудейаг сахартæй
левиттæ æмæ Израилы мыггæгты хистæр-
тæм фæсидтысты. Æмæ уыдон Йерусалиммæ
куы ’рбацыдысты, 3уæд æмбырды адæм Ху-
ыцауы Кувæндоны иууылдæр паддзахы раз
фидыды ард бахордтой. Йехода сын загъта:
«Паддзахиуæг хъуамæ кæна паддзахы фырт,
Дунедарæг Давиды байзæддæгтæн зæрдæ
куыд бавæрдта, афтæ. 4Гъемæ уæдæ аф-
тæ бакæнут: ацы сабаты сауджынтæ æмæ
левиттæн сæ иу æртыццаг хай хъалагъур
хæсдзысты Кувæндоны къæсæры цур, 5иннæ
æртыццаг хай — паддзахы галуаны цур æмæ
ма иу æртыццаг хай — Скæсæйнаг кулдуары
цур, иннæ адæм та иууылдæр — Кувæндоны
кæртыты. 6Дунедарæджы Кувæндонмæ уæ
мачи бацæуæд, сауджынтæ æмæ, лæггад сын
чи кæны, уыцы левиттæй уæлдай. Уыдонæн
æмбæлы, уымæн æмæ сæхи ссыгъдæг код-
той. Иннæ адæм иууылдæр æххæст кæнæнт
Дунедарæджы фæдзæхст æмæ лæууæнт
æдде. 7Левиттæ-иу æд хæцæнгæрзтæ пад-
дзахы алыварс æрлæууæнт. Кувæндонмæ
чидæриддæр бацæуа, уый амарын хъæуы.
Паддзах кæдæмфæнды куы фæцæйцæуа —
йæ разы-иу лæуут».
8Левиттæ æмæ æппæт иудейæгтæ, сау-
джын Йехода цыдæриддæр бафæдзæхста,
уыдон иууылдæр сæххæст кодтой. Алчидæр
дзы фæдзырдта йæ адæммæ: сабаты хъа-
лагъур хæссыны фæдыл чи æрбацыд, стæй,
йæ хъалагъуры рад кæмæн ахицæн, уыдоны
дæр Йехода нæ бауагъта ацæуын. 9Сæдæйы-
хицæуттыл байуæрста, паддзах Давидæн
Хуыцауы хæдзары цы хотыхтæ æфснайд уы-
ди, уыдон: æрцытæ, стыр æмæ гыццыл уар-
тытæ. 10Адæмы се ’ппæты дæр Кувæндоны
раз, йæ цæгатварсæй хуссарварсы онг, стæй
нывондхæссæн æмæ Кувæндоны алыварс
гæрзифтонгæй æрлæууын кодта, цæмæй пад-
дзахы алырдыгæй хъахъхъæной. 11Уый фæстæ
паддзахы фырты æддæмæ ракодтой, кады
худ ыл æркодтой æмæ йын радтой паддзахи-
уæджы нысæнттæ. Йехода æмæ йæ фырттæ
йæ паддзахæй байсæрстой. Адæм се ’ппæт
дæр цинхъæр систой: «Æгас цæуæд паддзах!»
12Атали адæмы уынæр куы фехъуыста,
стæй паддзахæн хъæрæй куыд кад кæнынц,
уый, уæд сæ размæ Дунедарæджы Кувæн-
доны ’рдæм фæраст ис. 13Цæуы æмæ уыны:
тæккæ бацæуæны, бæрзонд ран, ног пад-
дзах йæ бынаты лæууы. Йæ разы — æфсады
хицæуттæ æмæ хæтæлтæй цæгъдджытæ.
Бæстæйы адæм иууылдæр цин кæнынц æмæ
цæгъдынц сæ хæтæлтæй, зарæггæнджытæ
та сæ зæлуадзæнтимæ кады зарджытæ за-
рынц. Уæд Атали йæ уæлæдарæс фæйнæр-
дæм арæдывта æмæ ныцъцъæхахст кодта:
«Сусæгвæнд! Сусæгвæнд!»
14Йехода сæдæйыхицæуттæн бардзырд
радта: «Кувæндонæй йæ æддæмæ акæнут,
йæ фæдыл чидæриддæр рацæуа, уыдоны-
иу амарут». Загъта ма сын: «Дунедарæджы
Кувæндоны йæ ма амарут».
15Æрцахстой йæ æмæ йæ акодтой пад-
дзахы галуаны бацæуæны размæ, Бæхты
кулдуары цурмæ, æмæ йæ уым амардтой.
16Йехода йæхæдæг дæр фидыды ард ба-
хордта, стæй фидыды ард адæм æмæ пад-
дзахæн дæр бахæрын кодта — Дунедарæджы
адæм кæй уыдзысты. 17Уæд адæм иууылдæр
Баалы кувæндонмæ ацыдысты æмæ йæ фе-
хæлдтой. Ныппырх ын кодтой йæ нывонд-
хæссæнтæ, ныззыгуым ын кодтой йæ гуы-
мирытæ; нывондхæссæнты цур амардтой
Баалы сауджын Маттаны.
18Уый фæстæ Йехода Дунедарæджы Ку-
вæндоны куыстытæ бабар кодта сауджынтæ
æмæ левиттæн, кæддæр сын паддзах Давид
цы уаг æрæвæрдта, уымæ гæсгæ, — уый сын
бахæс кодта цины зарджытимæ иууылсудзи-
наг нывæндтæ хæссын, Моисейы Æгъдауы
чиныджы куыд фыст ис, афтæ. 19Кувæндоны
кулдуæртты раз сæвæрдта хъахъхъæнджы-
тæ, цæмæй, истæй тыххæй сыгъдæг чи нæ
разына, уый мидæмæ ма бацæуа. 20Сæдæ-
йыхицæуттæ, уæздæттæ æмæ адæмы иннæ
хицæуттимæ паддзахы Дунедарæджы Ку-
вæндонæй æддæмæ ракодта æмæ йæ Уæллаг
Кулдуарыл паддзахы галуанмæ бахуыдтой.
Уым æй паддзахы бадæны сбадын кодтой.
21Бæстæйы адæм иууылдæр цин кодтой.
Аталийы куы амардтой, уый фæстæ сахары
ралæууыди сабыр заман.

**24** Иоас Иудейы паддзах куы сси, уæд ыл
цыди авд азы æмæ Йерусалимы паддзахиуæг
фæкодта дыуув иссæдз азы. Йæ мад Цивйа
уыди Беер-Шевæйы сахарæй. [2]Цалынмæ
сауджын Йехода ægac уыди, уæдмæ Иоас
æдзухдæр кодта, Дунедарæгæн фæндон
цы уыди, уыдæттæ. [3]Йехода йын ракуырд-
та дыуув усы, æмæ йын уыдонæй рацыди
фырттæ æмæ чызджытæ.

[4]Иуахæмы паддзах Иоасмæ 'рцыди Дуне-
дарæджы Кувæндон рацаразыны фæнд. [5]Сау-
джынтæ æмæ левиттæм фæдзырдта æмæ
сын бафæдзæхста: «Æвæстиатæй Иудейы
сахартыл æрзилут æмæ æппæт израилæгтæй
æхца æрæмбырд кæнут. Уæ Хуыцауы Кувæн-
дон афæдзæй-афæдзмæ цалцæггонд куыд
цæуа, уыл бацархайут». Фæлæ левиттæ нæ
тагъд кодтой. [6]Уæд сын паддзах фæдзырдта
сæ сæргълæуууæг Йехода æмæ йын загъта:
«Цæуылнæ домыс левиттæй, цæмæй Иу-
дей æмæ Йерусалимы цæрджытæй хъалон
исой æмæ Фидыды Цатыры хъуагдзинæдтæ
баххæст кæной, сæ заманы Дунедарæджы
цагъар Моисей æмæ Израилы дзыллæ цы
уаг æрæвæрдтой, уымæ гæсгæ? [7]Æнæхуыцау
Атали æмæ йæ фырттæ Хуыцауы хæдзар куы
сафтид кодтой æмæ йын суанг йæ уаз ми-
гæнæнтæй дæр, Баалтæн лæггад кæнгæйæ,
куы спайда кодтой!»

[8]Паддзахы фæдзæхстмæ гæсгæ арæзт
æрцыди асыкк, æмæ йæ Дунедарæджы Ку-
вæндонмæ бацæуæны раз æддæрдыгæй
сæвæрдтой. [9]Ægac Иудей æмæ Йерусалимæн
фехъусын кодтой, цæмæй Дунедарæгæн,
кæддæр æдзæрæг быдыры Хуыцауы цагъар
Моисей Израилы адæмæн кæй снысан кодта,
уыцы хъалон хæссой. [10]Уæздæттæ æмæ ægac
адæм, цингæнгæйæ, хастой сæ мысайнæгтæ,
æмæ-иу цалынмæ байдзаг ис, уæдмæ сæ
асыччы æппæрстой. [11]Левиттæ-иу асыкк пад-
дзахы барджынтæм куы 'рбахастой æмæ-иу
дзы уыдон бирæ æхца куы федтой, уæд-иу
паддзахы нымæрдар æмæ алчеры цæстдарæг
æрбацыдысты, æхца-иу асыккæй æркалдтой
æмæ-иу æй фæстæмæ йæ бынатмæ ахастой.
Бонæй-бонмæ афтæ кодтой æмæ сæм тынг
бирæ æхца æрæмбырд ис. [12]Уый фæстæ-иу
паддзах æмæ Йехода уыцы æхца, Дунеда-
рæджы хæдзары куыст кæй бæрны уыди,
уыцы лæгтæм радтой, æмæ-иу дзы уыдон
баххуырстой дуркæрдджытæ æмæ хъæд-
дæсныты, куырдтæ æмæ æрхуыгуырдты,
цæмæй Дунедарæджы Кувæндон сцалцæг
кæной. [13]Кусджытæ сæ куыстмæ бавнæлдтой,
æмæ Хуыцауы хæдзар бинонЫг цалцæггонд
æмæ фидаргонд æрцыди. [14]Куыст кæронмæ
куы ахæццæ, уæд паддзах æмæ Йеходамæ
бахастой, æхцайæ ма цы баззади, уый. Уы-
цы фæрæзтæй Дунедарæджы Кувæндонæн
арæзт æрцыдысты алы дзауматæ: мигæнæн-
тæ уаз лæггадæн æмæ иууылсудзинæгтæ
хæссынæн, ноджы ма цолпытæ æмæ алы
æндæр мигæнæнтæ сыгъзæрин æмæ æвзис-
тæй. Цалынмæ Йехода ægac уыди, уæдмæ
Дунедарæджы Кувæндоны иудадзыг иу-
уылсудзинаг нывæндтæ хастой.

[15]Йехода базæронд ис, амарди цардæфсæс-
тæй, сæдæ æртыназдзыдæй. [16]Бавæрдтой
йæ Давиды сахары, паддзæхты зæппадзы,
уымæн æмæ рæстаг хъуыддæгтæ арæзта
Израилы, лæггад кодта Хуыцау æмæ Йæ
Кувæндонæн.

[17]Йеходайы амæлæты фæстæ Иудейы уæз-
дæттæ 'рбацыдысты сæ паддзахмæ æмæ
йын сæ сæртæй ныллæг æркуывтой. Уæдæй
фæстæмæ сын паддзах сæ уынаффæтæм
хъусын байдыдта. [18]Уыдон та Дунедарæджы,
сæ фыдæлты Хуыцауы, Кувæндоныл сыстыр-
зæрдæ сты æмæ лæггад кæнын райдыдтой
Ашерæйы цæджындзтæ æмæ гуымирытæн.
Уый тыххæй Иудей æмæ Йерусалимы цæр-
джыты Дунедарæджы азар баййæфта. [19]Уый
сæм Йæ пехуымпарты æрвыста, цæмæй сæ
фæстæмæ Дунедарæгмæ раздахой, æмæ-иу
пехуымпартæ сæ ныхмæ дзырдтой, фæлæ
сæм уыдон нæ хъуыстой. [20]Уæд Хуыцауы Уд
æртыхсти Захариайыл, сауджын Йеходайы
фыртыл, æмæ уый дзыллæйы раз æрлæууыд
æмæ загъта: «Афтæ зæгъы Хуыцау: цæуылнæ
æххæст кæнут Дунедарæджы фæдзæхстытæ?
Уæ хъуыддæгты æнтыстджын нæ уыдзыстут.
Кæд Ыл сымах уæхи атигъ кодтат, уæд уыл
Уый дæр атигъ кæндзæн Йæхи».

[21]Уæд йæ ныхмæ сусæгвæнд сарæзтой
æмæ йæ паддзах Иоасы бардзырдæй Дуне-
дарæджы хæдзары кæрты дуртæй амардтой.
[22]Паддзах Иоас ферох кодта, Йехода йын цы
хæрзты бацыди, уый, æмæ йын йæ фырты
амарын кодта. Уый ма мæлгæ-мæлын сфæ-
рæзта: «Дунедарæг алцыдæр уыны æмæ мын
мæ туг райсдзæн».

[23]Уыцы азы кæрон Арамы 'фсад рацыди йæ
ныхмæ хæцынмæ. Арамейæгтæ Иудей æмæ
Йерусалиммæ бабырстой, адæмы сæргъ-
лæууджыты се 'ппæты дæр ныццагътой, се
'фтиаг та иууылдæр сæ паддзахæн Дамаскмæ
арвыстой. [24]Арамы æфсад стыр нæ уыди,
фæлæ сын Дунедарæг бирæ тыхджындæр
æфсад сæ къухмæ радта, уымæн æмæ уы-
дон сæхи атигъ кодтой Дунедарæгыл, сæ

фыдæлты Хуыцауыл. Афтæмæй арамейæгтæ
стæрхон кодтой Иоасæн. 25Уæззау цæфæй йæ
куы ныууагътой, уæд паддзахы ныхмæ йæ
дæлдæртæ сусæгвæнд сарæзтой, сауджын
Йеходайы фырты кæй амарын кодта, уый
тыххæй. Æмæ йæ амардтой йæ сынтæджы.
Йæ мард ын бавæрдтой Давиды сахары, æр-
мæст паддзæхты зæппадзы нæ. 26Сусæгвæнд
чи скодта, уыдон уыдысты аммонаг чызг
Шиматы фырт Завад æмæ моаваг чызг Шим-
риты фырт Йозавад.
27Иоасы фыртты хабæрттæ, йæ ныхмæ цы
бирæ рагуацтæ загъд æрцыди, уыдон, æмæ
Хуыцауы хæдзар рацаразыны хабæрттæ
фыст сты «Паддзæхты чиныджы таурæгъты».
Йæ фæстæ паддзах сси йæ фырт Амациа.

**25** Амациа паддзах сси фондз æмæ ссæдз-
аздзыдæй æмæ Йерусалимы паддзахиуæг
фæкодта фараст æмæ ссæдз азы. Йæ мады
ном — Йехоадан, уый уыди йерусалимаг
чызг. 2Амациа Дунедарæгæн фæндон хъуыд-
дæгтæ кодта, фæлæ Йыл бынтон иузæрдион
нæ уыди. 3Йæ паддзахдзинад куы ’рфидар
ис, уæд амардта йæ лæггадгæнджыты, йæ
фыды марджыты. 4Сæ цоты сын нæ амардта,
уымæн æмæ Моисейы Æгъдауы чиныджы
Дунедарæг фæдзæхсы: «Цоты азымы тыххæй
фыдæлтæн марæн нæй, цотæн та — фыдæл-
ты азымы тыххæй. Алкæй дæр марын хъæуы
йæхи фыдракæнды аххосæй».
5Амациа æрæмбырд кодта Иудейы цæр-
джыты, Иудæ æмæ Бениамины хæдзарвæн-
дæгты се ’ппæты дæр. Мыггаггай сæ скодта
æфсад æмæ сын сæ сæргъы миныхицæуттæ
æмæ сæдæйыхицæутты сæвæрдта. Ссæдз
азы æмæ уымæй уæлæмæ кæуыл цыди, уы-
доны банымадта, æмæ йæм разындис æр-
тæсæдæ мин æвзаргæ хæстоны — хæстмæ
цæуынхъом чи уыди, стæй арц æмæ уартæй
хæцынмæ чи арæхстис, ахæмтæ. 6Ноджы
ма Израилы дæр æвзисты сæдæ талантæй
баххуырста сæдæ мин хæстоны. 7Фæлæ йæм
Хуыцауы æвзæрст лæг æрбацыд æмæ йын
загъта: «Паддзах! Израилы æфсад демæ
хæстмæ ма ацæуæд, уымæн æмæ Дунеда-
рæг израилæгтæн, Ефремы байзæддæгтæн,
æххуыс нæ кæндзæн. 8Кæд дæ фæнды, уæд
ацу æмæ де ’хсар равдис! Науæд дæ Хуыцау
де знæгты раз афæлдахдзæн, уымæн æмæ
Хуыцауы бон у баххуыс кæнын дæр æмæ
афæлдахын дæр».
9Амациа йын дзуапп радта: «Æмæ изра-
илаг æфсадæн цы сæдæ таланты радтон,
уыдонæн та цы кæнон?» Хуыцауы æвзæрст
лæг ын загъта: «Дунедарæджы бон дын у
уымæй бирæ фылдæр раттын».
10Уæд Амациа, Ефремы мыггагæй йæм
цы хæстонтæ æрбацыд, уыдоны фæхицæн
кодта æмæ сæ ауагъта сæ хæдзæрттæм. Уы-
дон Иудеймæ тынг смæсты сты æмæ, фыр
мæстæй судзгæйæ, аздæхтысты сæ бæстæм.
11Амациа фæныфсджын ис, йе ’фсад Цæх-
джын дæлвæзы ’рдæм акодта æмæ уым Се-
иры хæстонтæй дæс мин лæджы амардта.
12Дæс мины та дзы иудейæгтæ удæгасæй
райстой уацары. Айнæджы сæрмæ сæ скод-
той æмæ сæ уырдыгæй раппæрстой, иууыл-
дæр дзыхъмард фесты.
13Ныр Амациа цы хæстонты ауагъта, уы-
дон та, Иудейы бæстæйы Самарийæ Бет-Хо-
роны онг цы сахартæ уыди, уыдоныл апырх
сты, æртæ мин лæджы ныццагътой æмæ
бирæ фæллой рассывтой.
14Амациа едомæгты куы ныддæрæн кодта,
уæд йемæ æрбахаста Сеиры хуыцаугæндты,
йæхицæн сæ хуыцæуттæ скодта, кувын æмæ
сын буд судзын райдыдта. 15Дунедарæг æм
смæсты ис, Йæ пехуымпары йæм арвыста,
æмæ йын уый загъта: «Цæмæн кувыс уыцы
адæмы хуыцæуттæм, уыдонæн сæ бон куы не
сси сæ адæмы дæ къухæй фервæзын кæнын?»
16Амациа йын йæ ныхас æрдæгыл аскъуыдта
æмæ загъта: «Паддзахæн дæ уынаффæгæ-
нæгæй чи сæвæрдта? Ныхъхъус у, цалынмæ
дæ нæ амардтой, уæдмæ!» Пехуымпар иу
цасдæр ницыуал сдзырдта, стæй загъта: «Æз
æй зонын: Хуыцау дæ фесафын сфæнд кодта,
кæд ды ахæм хъуыддæгтæ кæныс æмæ дæ
мæ уынаффæмæ байхъусын нæ фæнды, уæд».
17Амациа йæ дæлдæртимæ бауынаффæ кодта
æмæ Йегуйы фырты фыртмæ, Йоахазы фырт
Йоашмæ, Израилы паддзахмæ, арвыста минæ-
вæрттæ, цæмæй йын зæгъой: «Мæ размæ рацу
æмæ нæ хъарутæ лæгæй-лæгмæ бавзарæм!»
18Израилы паддзах Йоаш дзуапп радта Иудейы
паддзах Амациайæн: «Иу хатт ливайнаг какон
сындз ливайнаг кедрæн афтæ зæгъы: „Дæ чыз-
джы мын мæ лæппуйæн ратт“. Фæлæ йæ рæзты
ливайнаг хъæддаг сырд фæцæйцыд æмæ йæ
бассæста йæ къæхты бын. 19Ды едомæгты ныд-
дæрæн кодтай æмæ дæ сæр бæрзæндты хæссын
райдыдтай. Фæлтау æнцад дæ хæдзары куы
бадис! Дæхæдæг дæхи фыдбылызы цæмæн
æппарыс? Дæхæдæг дæр бабын уыдзынæ, æмæ
ма демæ — æгас Иудей дæр».
20Амациа йæм нæ байхъуыста, уымæн
æмæ сæ Хуыцау Йоашы амæттаг бакæнын
сфæнд кодта, Едомы гуымирытæм кувын
кæй райдыдтой, уый тыххæй.

21Израилы паддзах Йоаш рацыди хæстмæ
æмæ иудейаг паддзах Амациаимæ лæгæй-
лæгмæ сæмбæлдысты Бет-Шемешы сахары
цур, Иудейы зæххыл. 22Израилæгтæ ныддæ-
рæн кодтой иудейæгты, æмæ иууылдæр сæ
цатыртæм фæлыгъдысты.
23Израилы паддзах Йоаш Бет-Шемешы
сахары цур уацары райста Иудейы паддзах
Амациайы, Иоасы фырты, Иоахазы фырты
фырты. Йерусалиммæ йæ æрбакодта æмæ
Ефремы кулдуарæй Фисыны кулдуары онг
сахары сис фехæлдта — цыппарсæдæ æлмæ-
рины дæргъæн. 24Дунедарæджы Кувæндоны,
Овед-Едом цы хæзнадон хъахъхъæдта, уым
сыгъзæринæй, æвзистæй æмæ алы мигæнæ-
нæй цыдæриддæр ссардта, уыдон иууылдæр
рассывта, ноджы ма, паддзахы галуаны цы
хæзнатæ уыди, уыдон дæр, стæй иу къорд
лæджы амынæты райста æмæ Самаримæ
аздæхти.
25Иудейаг паддзах Иоасы фырт Амациа ма
Израилы паддзах Йоашы, Йоахазы фырты,
амæлæты фæстæ фæцарди фынддæс азы.
26Амациайы хъуыддæгтæ иууылдæр, рай-
дианæй кæронмæ, фыст æрцыдысты «Иудей
æмæ Израилы паддзæхты чиныджы».
27Амациа йæхи Дунедарæгыл куы атигъ
кодта, уæд ын уый фæстæ Йерусалимы йæ
ныхмæ сусæгвæнд сарæзтой, æмæ Лахиш-
мæ алыгъди. Фæлæ йын йæ фæдыл Лахиш-
мæ адæмы арвыстой, æмæ йæ уыдон уым
амардтой. 28Йæ мард ын бæхтыл фæстæмæ
Йерусалиммæ æрбаластой æмæ йæ Иудæйы
сахары йæ фыдæлты фарсмæ бавæрдтой.

**26** Амациайы бæсты æгас Иудейы адæм
паддзахæй расидтысты йе 'хсæрдæсаздзыд
фырт Озиайы. 2Йæ фыды амæлæты фæстæ
Озиа фæстæмæ байста Елоты сахар æмæ йæ
ногæй бакодта Иудейы дæлбар.
3Озиа паддзах куы сси, уæд ыл цыди æх-
сæрдæс азы æмæ Йерусалимы паддзахи-
уæг фæкодта дыууадæс æмæ дыууиссæдз
азы. Йæ мад уыди йерусалимаг чызг, йæ
ном — Йехоли. 4Озиа, Дунедарæджы раз раст
цы уыди, уыдæттæ кодта, йæ фыд Амациа
куыддæриддæр уыдис, афтæ. 5Цалынмæ
Захариа æгас уыд æмæ йæ Хуыцауы тасыл
ахуыр кодта, уæдмæ агуырдта Хуыцауы,
æмæ йын йæ алы хъуыддаг дæр æнтысти.
6Иуахæмы Озиа филистимæгтимæ схæ-
цыди, Гат, Йавне æмæ Ашдоды сахартæн сæ
систæ ныззыгуым кодта. Ашдоды алфам-
былай æмæ филистимæгты зæххы иннæ
рæтты сахартæ сарæзта. 7Филистимæгтимæ,
стæй Гур-Баалы цæрæг араббæгтæ æмæ ме-
унæгтимæ куы хæцыди, уæд ын Хуыцау
æххуыс кодта. 8Аммонæгтæ Озиайæн фыс-
той хъалон, æмæ йæ номы кой айхъуысти
суанг Мысыры арæнтæм, уымæн æмæ тынг
хъомысджын сси.
9Озиа Йерусалимы мæсгуытæ сарæзта:
Фисыны кулдуары раз, Дæлвæзы кулдуары
раз æмæ Къуымы фисыны раз, бафидæрттæ
сæ кодта. 10Мæсгуытæ сарæзта æдзæрæг бы-
дыры дæр, ноджы скъахта бирæ донуæттæ,
уымæн æмæ йæм уæлвæзты дæр æмæ дæл-
вæзты дæр бирæ фос уыди. Хæхбæсты æмæ
йæм дæлвæзы уыди зæхкусджытæ æмæ сæн-
донгæстæ, уымæн æмæ зæххы куыст уарзта.
11Озиамæ уыди хæстхъом æфсад дæр, дих-
гонд уыди хицæн къордтыл. Номхыгъдтæ
сын скодтой писыр Йеиел æмæ цæстдарæг
Маасеа. Сæ дыууæйæн та разамынд лæвæрд-
та Ханаииа, паддзахы сæйраг барджынтæй
иу. 12Æхсарджын æфсады сæргъы лæууыдыс-
ты дыууæ мин æхсæзсæдæ лæджы. 13Æф-
садæн йæхи мидæг та уыди æртæсæдæ авд
мин фондзсæдæ хæстоны, уыдон тохмæ
æмæ паддзахы знæгты ныхмæ хæстмæ ра-
цæуынмæ уыдысты цæттæ. 14Озиа йе 'ппæт
æфсадæн дæр æрцæттæ кодта уартытæ, æр-
цытæ, такатæ, згъæрхæдæттæ, æрдынтæ
æмæ дуртæ дурæхсæнтæн. 15Йерусалимы
скæнын кодта диссаджы дæсны арæзт æх-
сæнгæрзтæ дæр, мæсгуытæй æмæ сахары
систы тигътæй фæттæ æмæ стыр дуртæ æх-
сынæн. Йæ кой дардыл айхъуысти, уымæн
æмæ бирæ æххуыс райста, цалынмæ йæ
хъомыс нæ сырæзти, уæдмæ.
16Фæлæ куы схъомысджын ис, уæд йе 'на-
мондæн йæ сæр æгæр бæрзæндты хæссын
байдыдта æмæ Дунедарæджы, йæ Хуыцауы
ныхмæ, сарæзта фыдракæнд. Дунедарæджы
Кувæндонмæ бацыди, цæмæй будсудзæн
нывондхæссæныл хæрздæфгæнæнтæ ссу-
дза. 17Йæ фæдыл мидæмæ бацыд алчер Аза-
риа, йемæ ма — Дунедарæджы сауджынтæй
цыппарыссæдз лæджы, æхсарджын адæм.
18Озиайæн йæ размæ æрлæууыдысты æмæ
загътой:
— Озиа, дæуæн не 'мбæлы Дунедарæгæн
буд судзын! Уый сауджынты, Аароны бай-
зæддæгты, куыст у — уыдон уыцы куыстæн
сæрмагондæй сыгъдæггонд æрцыдысты.
Кувæндонæй æддæмæ рацу, уымæн æмæ
фыдракæнд сарæзтай, æмæ дын уый Дуне-
дарæджы раз кады хос нæ уыдзæн.
19Озиайы къухы уыди будсудзæн, æмæ
ныридæгæн буд ссудзынмæ уыди цæттæ. Йæ

маст рафыхти сауджынтæм, æмæ, куыддæр
рамæсты ис, афтæ сауджынты цæстыты
раз, Дунедарæджы Кувæндоны, будсудзæн
нывондхæссæны цур, йæ тæрныхыл фæ-
зынди хъотыр. 20Алчер Азариа æмæ йæм
иннæ сауджынтæ куы бакастысты, уæд ын
йæ ныхыл хъотыр федтой æмæ йæ рæвдз
уырдыгæй æддæмæ ракодтой. Йæхæдæг
дæр тагъд кодта рацæуыныл, уымæн æмæ
йæ Дунедарæг æрцавта.
21Озиа йæ амæлæты бонмæ йæ хъоты-
рæй не сдзæбæх ис. Царди хибарæй, хицæн
хæдзары, æмæ йын Кувæндонмæ цæуыны
бар нал уыди. Йæ фырт Йотам паддзахы
галуанæн уыди уагдар, бæстæйы адæмæн
та хицауиуæг кодта.
22Озиайы хъуыддæгтæ иууылдæр, райдиа-
нæй кæронмæ, ныффыста пехуымпар Исайа,
Амоцы фырт. 23Озиа куы амарди, уæд æй
йæ хъотыры тыххæй бавæрдтой паддзæх-
ты зæппæдзты нæ, фæлæ, уыдоны фарсмæ
паддзæхтæн цы зæххы хай уыди, уым, йæ
фыдæлты зæппадзы. Йæ фæстæ паддзах сси
йæ фырт Йотам.

**27** Йотам паддзах куы сси, уæд ыл цыди
фондз æмæ ссæдз азы, æмæ Йерусалимы
паддзахиуæг фæкодта æхсæрдæс азы. Йæ
мад Йеруша уыди Цадокы чызг.
2Йотам Дунедарæгæн фæндон хъуыддæг-
тæ кодта, йæ фыд Озиа куыддæриддæр уы-
дис, афтæ. Æрмæст уыйау Кувæндонмæ нæ
бацыд. Адæм та раздæрау æнæуаг митæ
кодтой.
3Йотам сарæзта Дунедарæджы Кувæндоны
Уæллаг кулдуар. Офелы къуыбырыл, сахары
сисы раз, бирæ куыстытæ бакодта. 4Иудейы
хæхбæсты дæр сахартæ сарæзта, хъæдты
та — фидæрттæ æмæ мæсгуытæ.
5Йотам аммонæгты паддзахы ныхмæ
схæцыд æмæ йыл фæуæлахиз. Уыцы аз ын
аммонæгтæ бафыстой хъалон: æвзисты сæ-
дæ таланты, дæс мин коры мæнæу, стæй иу
уый бæрц та — хъæбæрхор. Ахæм хъалон
ын бафыстой дыккаг æмæ æртыккаг аз дæр.
6Йотам ахæм хъомысджын уымæн сси, æмæ
йæ фæндæгтæ Дунедарæджы, йæ Хуыцауы
раз, уыдысты раст.
7Йотамы иннæ хъуыддæгтæ, йе 'ппæт хæс-
тон хабæрттæ æмæ йæ царды уаджы æгъдау
фыст æрцыдысты «Израил æмæ Иудейы
паддзæхты чиныджы». 8Паддзах сси фондз
æмæ ссæдзаздзыдæй æмæ Йерусалимы пад-
дзахиуæг фæкодта æхсæрдæс азы. 9Йотам
куы амарди, уæд æй бавæрдтой йæ фыдæлты
зæппадзы, Давиды сахары. Йæ фæстæ пад-
дзах сси йæ фырт Ахаз.

**28** Ахаз паддзах сси ссæдзаздзыдæй æмæ
Йерусалимы паддзахиуæг фæкодта æхсæр-
дæс азы. Йæ фыдæл Давиды нæ бафæзмыдта,
Дунедарæгæн фæндон хъуыддæгтæ нæ код-
та. 2Уый цыди Израилы паддзæхты фæн-
дæгтыл, суанг ма Баалы гуымирыты дæр
джиппы рауадзын кодта. 3Хинномы фырты
дæлвæзы хаста нывæндтæ æмæ йæхи фырт-
ты арты басыгъта, Дунедарæг израилæгты
разæй кæй фæсырдта, уыцы адæмты æл-
гъаг митæ фæзмгæйæ. 4Кувæн къуыбыртæ
æмæ бæрзæндтыл, стæй алы къабузджын
бæласы бын хаста нывæндтæ æмæ сыгъта
хæрздæфгæнæнтæ. 5Æмæ йæ Дунедарæг,
йæ Хуыцау, сириæгты паддзахы къухтæм
радта. Уыдон æй ныддæрæн кодтой, йæ
адæмæй йын бирæты уацары райстой æмæ
сæ акодтой Дамаскмæ. Уый фæстæ Дунеда-
рæг Ахазы радта Израилы паддзахы къухмæ,
æмæ йын уый уæззау цæфтæ ныккодта. 6Ре-
малийы фырт Феках иу бонмæ иудейæгтæй
ныццагъта сæдæ дыууын мин æхсарджын
хæстоны, уымæн æмæ Иудейы адæм сæхи
атигъ кодтой Дунедарæгыл, сæ фыдæлты
Хуыцауыл. 7Ефремы хæдзарвæндагæй иу
богал, Зихри, зæгъгæ, амардта паддзахы
фырт Маасеайы, стæй паддзахы галуаны
уагдар Азрикамы æмæ паддзахы хæдивæг
Елканайы. 8Израилæгтæ уацары се 'фсы-
мæртæй уацары райстой сылгоймæгтæ æмæ
сывæллæтты — æдæппæтæй дыууæсæдæ ми-
ны. Бирæ мулк сæ рассывтой æмæ се 'фтиаг
Самаримæ арвыстой. 9Уым царди Дунеда-
рæджы пехуымпар Одед. Израилы æфсад
Самаримæ куы фæцæйцыди, уæд Одед сæ
размæ рацыд æмæ сын загъта: «Дунедарæг,
уæ фыдæлты Хуыцау, иудейæгтæм смæсты
ис æмæ уын сæ уæ къухтæм радта. Фæлæ
сæ сымах ахæм æнауæрдонæй фæцагътат,
æмæ уæ маст уæларвмæ дæр схæццæ ис.
10Ныр та ма ноджы Иудей æмæ Йерусалимы
нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæй уæхи-
цæн цагъартæ скæнынмæ хъавут! Фæлæ,
ау, уæхæдæг Дунедарæджы, уæ Хуыцауы
раз, аххосджын ницæмæй стут? 11Æрбай-
хъусут мæм уæдæ! Уæ уацайраг æрвадæлты
се 'ппæты дæр суæгъд кæнут, уымæн æмæ
уæм Дунедарæджы маст ссыгъд».
12Уæд, хæсты быдырæй чи раздæхти,
уыдоны размæ Ефремы хæдзарвæндаджы
раздзæуджытæй иу къорд лæджы рацыди:
Йохананы фырт Азариа, Мешиллемоты фырт

Варахи, Шаллумы фырт Езекиа æмæ Хадла-
йы фырт Амаса. Уыдон дæр сæ азымджын
кодтой, 13загътой сын: «Уацайрæгты ардæм
ма ’рбакæнут — Дунедарæджы раз фæтæ-
ригъæдджын уыдзыстæм. Нæ тæригъæдтæ
æмæ ма нын нæ фыдракæндтыл ноджыдæр
бафтауынмæ хъавут? Æнæуи дæр стыр у
нæ азым, æмæ Йæ маст ссыгъд Израилмæ».
14Уæд хæстонтæ сæ уацайрæгты æмæ се
’фтиаг ныууагътой раздзæуджытæ æмæ
’ппæт æмбырды раз. 15Номхыгъдæй нысан-
гонд чи ’рцыди, уыдон уацайрæгты ракод-
той, се ’фтиагæй бæгънæджытыл уæлæда-
рæс æмæ къахыдарæс скодтой, хæрд æмæ
сын нозт радтой, сæ хъæдгæмттæ сын сойæ
байсæрстой; æдзухъомты хæрджытыл сба-
дын кодтой æмæ се ’ппæты дæр арвыстой
Пальмæты сахармæ, Йерихонмæ, се ’фсы-
мæртæм. Сæхæдæг фæстæмæ Самаримæ
æрбаздæхтысты.
16Уыцы заман паддзах Ахаз йæ минæвæрт-
ты æххуысагур арвыста Ассирийы паддзæх-
тæм. 17Уымæн æмæ едомæгтæ ногæй æрба-
бырстой Иудеймæ, ныддæрæн сæ кодтой
æмæ дзы уацары дæр райстой. 18Филисти-
мæгтæ бабырстой Иудейы дæлвæзты бæстæ
Шефеламæ æмæ йæ хуссайраг хай Негевмæ,
бацахстой сахартæ Бет-Шемеш, Айалон æмæ
Гедерот, Сохо, Тимна æмæ Гимзо сæ алыварс
хъæутимæ, æмæ дзы сæхæдæг æрцардысты.
19Афтæ фегад кодта Дунедарæг Иудейы адæ-
мы, Израилы паддзах Ахаз се ’нæуаг митыл
кæй бафтыдта æмæ Дунедарæгыл иузæрдион
кæй нал уыди, уый тыххæй.
20Ассирийы паддзах Тиглат-Пилесер æрба-
цыд Ахазмæ, фæлæ йыл, йæ фарс рахæцыны
бæсты, æрхъула кодта. 21Ахаз райста Дуне-
дарæджы Кувæндон æмæ паддзахы галуаны
хæзнатæй, стæй æлдæртты исбонæй, æмæ
сæ арвыста Ассирийы паддзахæн, фæлæ йын
уыдæттæ ницы ахъаз фесты. 22Уыцы тыхст
заманы паддзах Ахаз фылдæрæй-фылдæр
гадзрахатæй цыди Дунедарæгыл. 23Уый хас-
та нывæндтæ Дамаскы хуыцæуттæн, афтæ
æнхъæлдта, æмæ йæ уыдон басастой. Уый
дзырдта: «Сирийы паддзæхтæн сæ хуыцæут-
тæ æххуыс кæнынц. Цæй æмæ сын æз дæр
нывæндтæ хæссон, кæд мæнæн дæр баххуыс
кæниккой». Фæлæ йын уыдон йæхи дæр
æмæ æгас Израилы адæмы дæр æрмæстдæр
сæфтмæ æркодтой. 24Ахаз æрæмбырд код-
та Хуыцауы Кувæндоны дзауматæ æмæ сæ
ныппырх кæнын кодта, стæй йын йæ дуæрт-
тæ сæхгæдта æмæ Йерусалимы алы рæтты
саразын кодта нывондхæссæнтæ. 25Иудейы
алы сахары дæр Ахаз саразта кувæн къуы-
быртæ, цæмæй сыл æцæгæлон хуыцæуттæн
нывæндтæ хæссой, æмæ уыдæттæй мæсты
кодта Дунедарæджы, йæ фыдæлты Хуыцауы.
26Йæ паддзахдзинады иннæ хабæрттæ,
стæй йæ хъуыддæгтæ иууылдæр, райдиа-
нæй кæронмæ, фыст æрцыдысты «Иудей
æмæ Израилы паддзæхты чиныджы». 27Куы
амарди, уæд æй бавæрдтой Йерусалимы,
æцæг æй Израилы паддзæхты зæппæдз-
тæм нæ бахастой. Йæ фæстæ паддзах сси
йæ фырт Езекиа.

**29** Езекиа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
фынддæс æмæ ссæдз азы æмæ Йерусалимы
паддзахиуæг фæкодта фараст æмæ ссæдз
азы. Йæ мад уыди Захариайы чызг Авийа.
2Езекиа Дунедарæгæн фæндон хъуыддæг-
тæ кодта, йæ фыдæл Давид куыддæриддæр
уыдис, афтæ.
3Йæ паддзахиуæджы фыццаг азæн йæ
фыццаг мæй Езекиа байгом кодта Дунеда-
рæджы Кувæндоны кулдуар, бацалцæг æй
кодта. 4Уый фæстæ фæсидти сауджынтæ
æмæ левиттæм, скæсæнæрдыгæй цы кæрт
уыди, уырдæм сæ æрæмбырд кодта. 5Загъта
сын: «Æрбайхъусут мæм, левиттæ! Ссыгъдæг
кæнут уæхи дæр æмæ Дунедарæджы, уæ
фыдæлты Хуыцауы, Кувæндон дæр. Цы-
дæриддæр дзы æнæсыгъдæгæй ис, уыдон
иууылдæр раппарут. 6Нæ фыдæлтæ галиу
хъуыддæгтыл бафтыдысты, Дунедарæгæн,
нæ Хуыцауæн, æнæуынон цы у, уыдæттæ
кодтой, ныууагътой Йæ, сæхи Йын атигъ
кодтой Йæ Цæрæныл, сæ чъылдым Æм раз-
дæхтой. 7Ноджы ма сæхгæдтой Кувæндоны
тыргъы дуæрттæ, ахуыссын кодтой цырæгъ-
тæ. Израилы Хуыцауы Кувæндоны буд нæ
сыгътой æмæ иууылсудзинаг нывæндтæ нæ
хастой. 8Æмæ Дунедарæг смæсты ис Иудей
æмæ Йерусалиммæ, ныффидиссаг сæ код-
та, хæлæттаг æмæ хынджылæггаг сæ скод-
та, уæхæдæг æй куыд уынут, афтæ. 9Æмæ
нæ фыдæлтæ карды амæттаг баисты, нæ
фырттæ, нæ чызджытæ æмæ нæ устыты та
нын акодтой уацары. 10Ныр æз сфæнд код-
тон бафидауын Дунедарæгимæ, Израилы
Хуыцауимæ, кæд нæ Йæ масты цæхæртæ
иуварс аздахид.
11Мæ хъæбултæ, æнæмæт ма ут! Дунедарæг
уæ равзæрста, цæмæй Йæ разы лæууат, лæг-
гад Ын кæнат æмæ Йын хæрздæфгæнæнтæ
судзат, уый тыххæй!»
12-14Уæд левиттæ сæ куысты уæлхъус
æрлæууыдысты:

Кехаты байзæддæгтæй: Амасайы
фырт Махат æмæ Азариайы фырт
Иоел;
Мерарийы байзæддæгтæй: Авдийы
фырт Киш æмæ Йехаллелелы фырт
Азариа;
Гершоны байзæддæгтæй: Зиммайы
фырт Йоах æмæ Йоахы фырт Еден;
Елицафаны байзæддæгтæй: Шимри
æмæ Йеиел;
Асафы байзæддæгтæй: Захариа æмæ
Маттаниа;
Хеманы байзæддæгтæй; Йехиел æмæ
Шими;
Йедутуны байзæддæгтæй: Шемайа
æмæ Уззиел.

15 Уыдон се 'рвад-æфсымæрты æрæмбырд
кодтой æмæ, паддзах куыд бафæдзæхста,
афтæ, Дунедарæджы ныхасмæ гæсгæ, фыц-
цаджыдæр ссыгъдæг кодтой сæхи, уый фæс-
тæ та райдыдтой Кувæндон сыгъдæг кæнын.
16 Сауджынтæ Кувæндонмæ бацыдысты æмæ
дзы æнæсыгъдæгæй цыдæриддæр ссардтой,
уыдон кæртмæ рахастой. Уырдыгæй та сæ
левиттæ ахастой Кедроны тæрфмæ.

17 Дунедарæджы Кувæндон сыгъдæг кæнын
райдыдтой фыццаг мæйы фыццаг бон æмæ
йын уыцы мæйы æстæм бонмæ рахæццæ сты
йæ тыргъмæ. Кувæндон ссыгъдæг кæныны
куыст ма ноджыдæр аст боны ахаста, æмæ
сын афтæмæй фыццаг мæйы æхсæрдæсæм
бон сыгъдæггонд фæци. 18 Уæд паддзах Езе-
киамæ ацыдысты æмæ йын загътой: «Дуне-
дарæджы Кувæндон иууылдæр ссыгъдæг
кодтам: иууылсудзинæгты нывондхæссæн
йе 'ппæт мигæнæнтимæ, кувæггаг дзулты
фынг йе 'ппæт мигæнæнæнтимæ. 19 Паддзах
Ахаз йæ паддзахиуæджы заман, фыдра-
кæндтæ аразгæйæ, цы дзауматæ раппæрста,
уыдон дæр æрцæттæ æмæ ссыгъдæг кодтам.
Ныр лæууынц Дунедарæджы нывондхæс-
сæны раз».

20 Дыккаг райсом сæумæцъæхæй Езекиа
сахары хицæуттæм фæдзырдта æмæ Дуне-
дарæджы Кувæндонмæ ацыди. 21 Паддзахы
бинонтæ, стæй Кувæндон æмæ æгас Иудейы
тыххæй тæригъæды нывæндтæ æрхæссын-
мæ æрбакодтой авд галы, авд фыры, авд
уæрыччы æмæ авд цæуы. Æмæ паддзах сау-
джынтæн, Аароны байзæддæгтæн, бафæ-
дзæхста, цæмæй Дунедарæджы нывондхæс-
сæныл иууылсудзинаг нывæндтæ æрхæссой.

22 Сауджынтæ галтæ аргæвстой, сæ ту-
гæй сын райстой æмæ дзы бапырх кодтой
нывондхæссæныл. Уый фæстæ аргæвстой
фырытæ æмæ уыдоны тугæй дæр бапырх
кодтой нывондхæссæныл. Аргæвстой уæ-
рыччытæ æмæ уыдоны тугæй дæр бапырх
кодтой нывондхæссæныл. 23 Тæригъæды
нывæндтæ æрхæссынæн цы цæутæ æрцæттæ
кодтой, уыдон паддзах æмæ æмбырды раз-
мæ æрбакодтой æмæ сыл уыдон сæ къухтæ
æрæвæрдтой. 24 Сауджынтæ сæ аргæвстой
æмæ сын сæ тугæй нывондхæссæныл бапырх
кодтой, цæмæй барст æрцæуа æгас Израилы
тæригъæд. Уымæн æмæ паддзах æгас Израи-
лы тыххæй бафæдзæхста иууылсудзинæгтæ
æмæ тæригъæды нывæндтæ æрхæссын.

25 Езекиа левиттæн бардзырд радта, цæмæй
æмдзæгъдгæнæн тæбæгътæ, дыууадæстæ-
нонтæ æмæ хъисфæндыртимæ Дунедарæджы
Кувæндоны æрлæууой. Уыцы фæтк сæ заманы
æрфидар кодтой паддзах Давид, йæ зонын-
джын Гад æмæ йæ пехуымпар Натан, уымæн
æмæ Дунедарæг йæ пехуымпартæн афтæ
бафæдзæхста. 26 Левиттæ, кæддæр Давид кæй
саразын кодта, ахæм зæлуадзæнтимæ лæу-
уыдысты, сауджынтæ та — сæ хæтæлтимæ.
27 Езекиа иууылсудзинæгтæ нывондхæссæныл
æрæвæрын кодта, æмæ сыл арт куы бан-
дзæрстой, уæд зарæггæнджытæ Дунедарæ-
джы кадæн ныззарыдысты, хæтæлтæй æмæ,
Израилы паддзах Давид кæй саразын кодта,
ахæм зæлуадзæнтæй цагътой, афтæмæй.
28 Цалынмæ иууылсудзинæгтæ сыгъдысты,
уæдмæ æмбырды адæм иууылдæр куыв-
той, зарæг æмæ хæтæлты цагъд хъуыстысты.
29 Нывæндтæ куы басыгъдысты, уæд паддзах
æмæ, йемæ чи уыди, уыдон иууылдæр æр-
зоныг кодтой æмæ ныддæлгом сты зæххыл.
30 Паддзах Езекиа æмæ йæ барджынтæ левит-
тæн загътой, цæмæй Дунедарæджы стауой
Давид æмæ зонынджын Асафы ныхæстæй.
Æмæ уыдон дæр хъæлдзæгæй ныззарыдысты
Дунедарæджы кадæн, бакуывтой Йын æмæ
зæххыл ныддæлгом сты.

31 Езекиа ноджы загъта: «Ныр сымах уæхи
Дунедарæгæн снывонд кодтат. Гъемæ уæ-
дæ Дунедарæджы Кувæндонмæ нывæндтæ
æмæ арфæйы хуынтæ хæссут». Æмæ адæм
иууылдæр нывæндтæ æмæ арфæйы хуынтæ
хæссын райдыдтой, кæй фæндыди, уыдон та
ма иууылсудзинæгтæ дæр æрхастой.

32 Иууылсудзинаг нывæндтæ нымадæй
уыдысты: дæс æмæ æртиссæдз галы, сæдæ
фыры æмæ дыууæсæдæ уæрыччы. Уыдон
иууылдæр Дунедарæгæн иууылсудзинаг
нывондæн æрхастой. 33 Иннæ уаз нывæндтæ
та æдæппæтæй: æхсæзсæдæ сæры — стуртæ,
æртæ мин сæры та — лыстæг фос.

[34]Сауджынты нымæц æгæр гыццыл уыди,
цæмæй иууылсудзинаг нывæндты цæрмт-
тæ иууылдæр бастигъой, æмæ сын левиттæ
æххуыс кодтой, цалынмæ куыст кæронмæ
нæ фæци æмæ иннæ сауджынтæ дæр сæхи
не ссыгъдæг кодтой, уæдмæ. Уымæн æмæ
левиттæ, сауджынтæй уæлдай, фылдæр ба-
цархайдтой сæхи ссыгъдæг кæныныл.
[35]Иууылсудзинаг нывæндтæ, фидыды ны-
вæндты фиу æмæ сæн тынг бирæ уыдысты.
Афтæмæй ногæй Дунедарæджы Кувæндоны
уаз куыст йæ гаччы сбадти.
[36]Езекиа æмæ æгас дзыллæ цин кодтой,
Хуыцау сæ кæй фæфидар кодта, ууыл, уы-
мæн æмæ æппæт уыдæттæ конд æрцыдысты
тынг цыбыр рæстæгмæ.

**30** Езекиа фæсидти æгас Израил æмæ Иу-
дейы цæрджытæм. Ефрем æмæ Менассиа-
йы мыггæгтæм дæр фыстæджытæ арвыста,
фæхуыдта сæ Йерусалиммæ, Дунедарæджы
Кувæндонмæ — Дунедарæджы, Израилы
Хуыцауы, Куадзæнмæ. [2]Паддзах, йæ бар-
джынтæ æмæ Йерусалимы дзыллæйы æппæт
минæвæрттæ бауынаффæ кодтой Куадзæны
бæрæгбон дыккаг мæйы саразын. [3]Йæ афо-
ныл ын нæ уыди скæнæн, уымæн æмæ уæд
нырма, цас æмбæлди, уый бæрц сауджынтæ
нæма ссыгъдæг кодтой сæхи, стæй адæм дæр
се 'ппæт нæма æрæмбырд сты Йерусалиммæ.
[4]Афтæ бакæнын паддзахмæ дæр æмæ 'ппæт
æмбырдмæ дæр раст фæкасти. [5]Æмæ сфæнд
кодтой фехъусын кæнын æгас Израилæн,
Беер-Шевæйæ Даны онг, цæмæй иууылдæр
æрбацæуой Йерусалиммæ, Дунедарæджы,
Израилы Хуыцауы, Куадзæнмæ. Уымæн æмæ,
Æгъдауы чиныджы куыд фыст ис, афтæ йæ
рагæй нал сбæрæг кодтой.
[6]Паддзах æмæ йæ барджынты номæй фи-
диуджытæ æгас Израил æмæ Иудейыл фыс-
тæджытимæ æрзылдысты æмæ паддзахы
бардзырд хъусын кодтой: «Израилы адæм!
Уе 'ргом раздахут Дунедарæгмæ, Авраам,
Исаак æмæ Израилы Хуыцаумæ, æмæ уæд
Уый дæр Йе 'ргом раздахдзæни сымахмæ,
Ассирийы паддзæхтæй ма уæ чи аирвæзти,
уыдонмæ. [7]Уæ фыдæлтæ æмæ уе 'фсымæртæ
Дунедарæгыл, уæ фыдæлты Хуыцауыл, иу-
зæрдион кæй нал уыдысты, уый тыххæй сæ
Уый гæныстонмæ æркодта. Уымæн уæхæдæг
стут æвдисæн. [8]Æмæ уæ фыдæлтау хиваст
ма ут, Дунедарæджы коммæ кæсут. Æрба-
цæут Ын Йæ Кувæндонмæ, мыггагмæ кæй
ссыгъдæг кодта, уырдæм. Лæггад кæнут уæ
Дунедарæг Хуыцауæн, æмæ уæ иуварс аздаха
Йæ судзгæ маст. [9]Уе 'ргом Дунедарæгмæ куы
раздахат, уæд уын уæ хæстæджытæ æмæ
уæ цоты уацары чи райста, уыдон сæ нал
æфхæрдзысты, æмæ фæстæмæ ацы бæстæм
æрбаздæхдзысты, уымæн æмæ Дунедарæг,
уæ Хуыцау, бараг æмæ тæригъæдгæнаг у. Уе
'ргом æм куы раздахат, уæд уыл Уый дæр
Йæхи нал атигъ кæндзæн».
[10]Фидиуджытæ цыдысты иу сахарæй ин-
нæмæ, Ефрем æмæ Менассиайы зæххытыл
æрзылдысты, суанг Зевулоны арæнтæм дæр
бахæццæ сты, фæлæ сыл адæм худæгæй
сæхи хастой, хынджылæг сæ кодтой. [11]Фæ-
лæ уæддæр Асир, Менассиа æмæ Зевулоны
хæдзарвæндæгтæй чидæртæ æрныллæг код-
той сæхи æмæ æрбацыдысты Йерусалим-
мæ. [12]Дунедарæг Иудейы цæрджытыл Йæ
арм дардта, иу зондахаст сын радта, æмæ
сæххæст кодтой, паддзах æмæ сын йæ бар-
джынтæ Дунедарæджы фæдзæхстмæ гæсгæ
цы бардзырд радтой, уый.
[13]Дыккаг мæй Йерусалимы Донгонд дзул-
ты бæрæгбонмæ æрæмбырд ис тынг бирæ
адæм. [14]Йерусалимы æцæгæлон хуыцæут-
тæн цы нывондхæссæнтæ уыди, уыдон иу-
уылдæр, стæй будсудзæн нывондхæссæнтæ
ныппырх кодтой æмæ сæ Кедроны тæрфмæ
ныппæрстой. [15]Уый фæстæ, дыккаг мæйы
цыппæрдæсæм бон, аргæвстой Куадзæны
уæрыччы. Сауджынтæ æмæ левиттæ сæ-
хиуыл æрхудтысты, ссыгъдæг кодтой сæхи
æмæ Дунедарæджы Кувæндонмæ иууылсу-
дзинаг нывæндтæ 'рбахастой. [16]Алчидæр
дзы йæ бынаты æрлæууыди, Хуыцауы æв-
зæрст лæг Моисейæ сын цы Æгъдау баззад,
уымæ гæсгæ. Сауджынтæ левитты къухæй
истой нывондæгты туг æмæ йæ пырх кодтой
нывондхæссæныл. [17]Бæрæгбонмæ 'рцæуæг
адæмæй сыгъдæггонд чи нæма уыд, уы-
дон тынг бирæ уыдысты, æмæ левиттæн
бабар кодтой, æнæсыгъдæг чи уыд æмæ
уымæ гæсгæ йæ бон Дунедарæгæн уæрыкк
снывонд кæнын кæмæн нæ уыди, уыдонæй
алкæй тыххæй дæр аргæвдын Куадзæны
уæрыччытæ. [18]Адæмæй бирæтæ, фылдæр
та Ефрем, Менассиа, Иссахар æмæ Зевуло-
ны хæдзарвæндæгтæй, сæхи не ссыгъдæг
кодтой, фæлæ уæддæр хордтой Куадзæ-
ны фынгæй, кæд Æгъдаумæ гæсгæ афтæ не
'мбæлдис, уæддæр. [19]Езекиа уыдоны тых-
хæй скуывта: «Хæрзаудæнгæнаг Дунеда-
рæг ныххатыр кæнæд, Дунедарæгмæ, йæ
фыдæлты Хуыцаумæ, æппæт зæрдæйæ чи
тырны, фæлæ Кувæндоны æгъдаумæ гæсгæ
йæхи ссыгъдæг кæнын кæмæн нæ бантысти,

уыдонæн!» [20]Дунедарæг фехъуыста Езекиайы
куывд æмæ ныббарста адæмæн.

[21]Къуырийы дæргъы Израилы адæм, Йе-
русалимы чи æрæмбырд ис, уыдон, тынг
хъæлдзæгæй æрвыстой Донгонд дзулты бæ-
рæгбон. Левиттæ æмæ сауджынтæ Дунеда-
рæгæн алы бон дæр кады зарджытæ кодтой,
Дунедарæджы стауынæн цы зæлуадзæнтæ
сарæзтæуыд, уыдонæй цæгъдгæйæ. [22]Езекиа
левиттæн се 'ппæтæн дæр арфæтæ ракодта,
Дунедарæгæн, куыд æмбæлы, афтæ кæй
лæггад кодтой, уый тыххæй. Уыдон къуы-
рийы дæргъы кусæртты дзидзайæ хордтой,
фидыды нывæндтæ хастой æмæ кад код-
той Дунедарæгæн, сæ фыдæлты Хуыцауæн.
[23]Адæмы ма бафæндыди бæрæгбоныл иу
къуыри бафтауын, æмæ та уыцы къуыри дæр
хъæлдзæгæй арвыстой. [24]Уымæн æмæ ма
сын Иудейы паддзах Езекиа мин галы раттын
кодта, авд мины та — лыстæг фос. Барджын-
тæ дæр сын мин галы рахицæн кодтой, дæс
мины та — лыстæг фос. Сауджынтæй дæр ма
бирæтæ сæхи ссыгъдæг кодтой.

[25]Чи æрæмбырд ис, уыцы адæм иууылдæр
цин кодтой: иудейæгтæ, сауджынтæ, ле-
виттæ æмæ израилæгтæ, стæй Израил æмæ
Иудейы æрцæуæггагæй чи царди, уыдон.
[26]Израилы паддзах Давиды фырты, Соломо-
ны, заманæй Йерусалимы ахæм хъæлдзæг
бæрæгбон никуыуал уыди. [27]Сауджынтæ
æмæ левиттæ адæмæн арфæтæ кодтой, æмæ
сын Хуыцау сæ куывд айста, уымæн æмæ сæ
куывд ссыди уæларвмæ, Йæ уаз цæрæнмæ.

**31** Бæрæгбон куы фæци, уæд, израилæгтæй
Йерусалимы чи æрæмбырд ис, уыдон Иудейы
сахартыл æрзылдысты, табуйаг дуртæ æмæ
Ашерæйы цæджындзтæ ныззыгуым кодтой.
Æгас Иудейы зæххыл, стæй Бениамин, Еф-
рем æмæ Менассиайы зæххыты фехæлдтой
кувæн къуыбыртæ æмæ нывондхæссæнтæ.
Уый фæстæ дзы алчидæр æрбаздæхти йæхи
зæххы хаймæ, йæ сахармæ.

[2]Езекиа скодта сауджынтæ æмæ левитты
уаз куысты рад, кæмæ дзы цы хæс хауди, уы-
мæ гæсгæ, цæмæй иууылсудзинæгтæ æмæ
фидыды нывæндтæ хæссой, уаз куыст кæной,
арфæ æмæ кады зарджытæй Дунедарæджы
стауой асадæны кулдуары раз. [3]Паддзах
йæ исбонæй рахицæн кодта райсомы æмæ
изæры иууылсудзинæгтæн, стæй сабæттæ,
мæйногтæ æмæ иннæ бæрæгбæтты иууылсу-
дзинæгтæн дæр, Дунедарæджы Æгъдауы ку-
ыд фыст ис, афтæ. [4]Йерусалимы цæрджытæн
бафæдзæхста, цæмæй сауджынтæ æмæ ле-
виттæн сæ хай дæттой, æмæ уыдонæн сæ бон
уа Дунедарæджы Æгъдау æххæст кæнынæн
сæхи снывонд кæнын.

[5]Адæмæн уыцы бардзырд куы фехъусын
кодтой, уæд израилæгтæ сæ тыллæджы сæр-
тæй бирæ хуынтæ æрбахастой: хор, сæн,
оливæйы сой, мыд, хуымты алы бæркад —
алцæмæн дæр йæ дæсæймаг хай. [6]Иудейы
сахарты израилæгтæ æмæ иудейæгтæй чи
царди, уыдон дæр сæ дæсæймаг хæйттæ
сæмбæлын кодтой стурвос æмæ лыстæг фо-
сæй, стæй Дунедарæгæн, сæ Хуыцауæн, кæй
снывонд кодтой, æппæт уыцы уаз дзаума-
тæй, æмæ бирæ кæритæ самадтой. [7]Хуынтæ
хæссын æртыккаг мæйы райдыдтой æмæ
сæ суанг æвдæм мæймæ фæхастой. [8]Езекиа
æмæ йæ барджынтæ куы 'рбацыдысты æмæ
уыцы кæритæ куы федтой, уæд арфæ ракод-
той Дунедарæгæн æмæ Йæ адæм Израилæн.
[9]Езекиа сауджынтæ æмæ левитты бафарста,
утæппæт кæритæ кæцæй сты, зæгъгæ, [10]æмæ
йын алчер Азариа, Цадокы байзæддаг, дзу-
апп радта: «Дунедарæджы Кувæндонмæ
хуынтæ хæссын куы райдыдтой, уæдæй
нырмæ хæрдхъуаг никуы уыдыстæм, стæй
дзы тынг бирæ баззади, уымæн æмæ Дуне-
дарæг Йæ адæмæн арфæ ракодта. Уый бæрц
бæркад нæм уымæн æрæмбырд ис».

[11]Уæд Езекиа бафæдзæхста, цæмæй Дуне-
дарæджы Кувæндоны къæбицтæ æрцæттæ
кæной, æмæ йын сæххæст кодтой йæ бар-
дзырд. [12-13]Хуынтæ иууылдæр, алы исбоны
дæсæймаг хæйттæ æмæ, цы снывонд чын-
дæуыд, уыдæттæ уырдæм хаст æрцыдысты.
Сæйраг уагдар сын уыди левит Конани, йæ
хæдивæг та — йе 'фсымæр Шими. Уыдоны
дæлбар паддзах Езекиа æмæ Дунедарæджы
Кувæндоны уагдар Азариа цæстдарджытæй
сæвæрдтой Йехиел, Азазиа, Нахат, Асаел, Ие-
римот, Йозавад, Елиел, Исмахиа, Махат æмæ
Бенайайы. [14]Имнайы фырт Коре, левит, уыди
скæсæйнаг кулдуары дуаргæс. Уый дзуапп
лæвæрдта, Хуыцауæн бархийæ цы хуынтæ
хастой, уыдонæн, стæй уæрста Дунедарæгæн
хаст нывæндтæ æмæ, цы лæвæрттæ снывонд
чындæуыд, уыдон. [15]Сауджынты сахарты йæ
дæлбар уыдысты Еден, Миниамин, Йешуа,
Шемайа, Амариа æмæ Шеханиа. Уыдон сæ
цæст дардтой уымæ, цæмæй се 'фсымæртæн,
хистæрæй, кæстæрæй, сæ къордтæм гæсгæ,
сæ хæйттæ раст лæвæрд цæуой. [16]Уымæй
уæлдай, сæ хæйттæ уæрстой, сауджынты
хæдзарвæндæгты номхыгъдты фыст чи æр-
цыд, æртæ азы æмæ уымæй уæлæмæ кæуыл

цыди, уыдонæн се 'ппæтæн — Дунедарæджы
Кувæндонмæ се 'рвылбоны уаз куысты рады
чи цыди, сæ къордтæм æмæ сæ хæстæм гæс-
гæ, уыдонæй алкæмæн дæр. [17]Сæ мыггæгтæм
гæсгæ номхыгъдтæм хаст æрцыдысты сау-
джынтæ, стæй левиттæ — сæ къордтæ æмæ
сæ куысты хæстæм гæсгæ, ссæдзаздзыдтæй
уæлæмæ. [18]Сауджынтæ æмæ левиттæ цæ-
рæнбонтæм сæхи уаз лæггадæн кæй ныббас-
той, уый тыххæй се 'мрæнхъ номхыгъдтæм
бахаудтой сæ чысыл сабитæ дæр; сæ устытæ,
сæ фырттæ æмæ сæ чызджытæ. [19]Аароны
байзæддæгтæй, сауджынтæй, сæ сахарты
алыварс сын цы зæххы хæйттæ уыд, уымыты
чи цард, уыдоны тыххæй алы сахары дæр
номхыгъдæй снысан кодтой бæрнон лæгты,
цæмæй хæйттæ уарой сауджынты бинонты
нæлгоймæгтæн æмæ, левитты хæдзарвæн-
дæгты номхыгъдты фыст чи уыди, уыдонæн.
[20]Æппæт адæттæ сарæзта Езекиа æгас Иу-
дейы. Уый кодта хорз, раст æмæ Дунедарæ-
гæн фæндон хъуыддæгтæ. [21]Цыдæриддæр-иу
сфæнд кодта — Хуыцауы Кувæндонæн балæг-
гад кæнын, Æгъдау æмæ йæ фæдзæхстытæ
сæххæст кæнын — алы хъуыддаджы дæр
агуырдта Хуыцауы æмæ архайдта зæрдиа-
гæй, æмæ уымæ гæсгæ уыди æнтыстджын.

**32** Езекиа, Дунедарæгыл иузæрдион уæв-
гæйæ, цы хъуыддæгтæ сарæзта, уыдоны
фæстæ Ассирийы паддзах Санхериб бабырс-
та Иудеймæ æмæ бырутæй æхгæд сахартыл
æрхъула кодта, цæмæй сæ бацахса. [2]Езекиа
куы фехъуыста, Санхериб кæй æрбабырста
æмæ Йерусалимы ныхмæ схæцынмæ кæй
хъавы, уый, [3]уæд йæ дæлдæртæ æмæ йе 'фса-
ды хицæуттимæ бауынаффæ кодта, цæмæй,
сахары æдде цы донгуырæнтæ уыди, уыдон
сыджыты бын фæкæной, æмæ йын уыдон
баххуыс кодтой. [4]Дзæвгар адæм æрæмбырд
ис æмæ донгуырæнтæ иууылдæр сыджыты
бын фæкодтой, стæй, бæстæйы цы къададон
калди, уый дæр. Уыдон дзырдтой: «Асси-
рийы паддзæхтæ ардæм æрбацæудзысты,
æмæ сын дон парахатæй цæмæн хъуамæ
ныууадзæм?»
[5]Езекиа фæныфсджын ис æмæ ногæй ра-
царæзта сахары хæлд быру, уый уæлæ та
сарæзта мæсгуытæ, ноджы ма быруйы æдде
саразын кодта æндæр быру дæр. Давиды
сахары бафидæрттæ кодта Милло, бирæ
хæцæнгæрзтæ æмæ уартытæ æрцæттæ код-
та. [6]Адæмы сæргъы сæвæрдта æфсады хи-
цæутты, æрæмбырд сæ кодта фæзы, сахары
кулдуары раз, æмæ сын ныфсытæ æвæрдта:
[7]«Фидар лæуут æмæ æхсарджын ут! Ма тæр-
сут ассириаг паддзахæй, йе стыр æфсадæй!
Уымæн æмæ, махæн цы тых æхххуыс кæны,
уый уыдоны хъомысæй тыхджындæр у. [8]Ас-
сирийы паддзахæн йæ хъомыс у адæймаджы
хъомыс, махæн та немæ ис Дунедарæг, нæ
Хуыцау. Уый нын æхххуысгæнæг уыдзæн æмæ
нæ сæрвæлтау тох кæндзæни».
Иудейаг паддзах Езекиайы ныхас адæмы
зæрдæты стыр ныфс бауагъта. [9]Уымæй иу
цасдæр рæстæджы фæстæ Ассирийы пад-
дзах Санхериб йæ минæвæртты барвыста
Йерусалиммæ, иудейаг паддзах Езекиамæ,
стæй, Йерусалимы чи уыди, уыцы адæммæ
се 'ппæтмæ дæр (йæхæдæг йе 'фсадимæ уы-
цы рæстæг æрхъула кодта Лахишы сахарыл),
цæмæй сын фехъусын кæной: [10]«Афтæ зæгъы
Ассирийы паддзах Санхериб: Йерусалимы
фидары бадгæйæ, уæ зæрдæ цæуыл дарут?
[11]Ау, Езекиа уæ сайгæ нæ кæны, сыдæй æмæ
уæ дойныйæ амарынмæ нæ хъавы, афтæ уын
кæй дзуры, уымæй: „Дунедарæг, нæ Хуыцау,
мах ассириаг паддзахы къухæй фервæзын
кæндзæн“? [12]Уыцы Езекиа Йын, мыййаг, Йæ
кувæн къуыбыртæ æмæ Йæ нывондхæссæн-
тæ нæ фехæлдта? Иудей æмæ Йерусалимы
адæмæн афтæ нæ загъта, æрмæстдæр иу
нывондхæссæныл судзут буд æмæ уый раз
кад кæнут Хуыцауæн, зæгъгæ? [13]Ау, æмæ
йæ уæхæдæг нæ зонут, æз æмæ мæ фыдæл-
тæ алы бæстæты адæмтæн цытæ бакодтам,
уый? Æмæ дзы сæ хуыцæуттæй кæцыйæн
бантыст сæ зæххытæ мæ къухæй фервæзын
кæнын? [14]Уæдæ сымах дæр уæ Хуыцау куыд
фервæзын кæндзæн мæ къухæй? [15]Езекиа
уæ ма асайæд, уæ фæндаг уын ма ныссуй-
тæ кæнæд, ма йыл æууæндут! Иу адæммæ
дæр æмæ иу паддзахады дæр ахæм хуыцау
никуы уыди, йæ адæмы мæнæй кæнæ мæ
фыдæлты къухæй чи фервæзын кæна! Уæдæ
сымах дæр уæ Хуыцау мæ къухæй нæ фер-
вæзын кæндзæн!»
[16]Санхерибы минæвæрттæ ма ноджы бирæ
цыдæртæ фæдзырдтой Дунедарæг Хуыцау
æмæ йæ лæггадгæнæг Езекиайы ныхмæ.
[17]Санхериб фыстæджытæ дæр ныффыста
æмæ уыдоны цъыф калдта Дунедарæгыл, Из-
раилы Хуыцауыл, афтæ дзырдта йæ ныхмæ:
«Ацы зæххы адæмты хуыцæуттæй никæмæн
бантыст йæ адæмы мæ азарæй бахизын,
æмæ Езекиайы Хуыцау дæр Йæ адæмы мæ
къухæй нæ фервæзын кæндзæн».
[18]Уыцы ныхæстæ Санхерибы минæвæрт-
тæ Йерусалимы ныххъæр кодтой иуде-
йаг æвзагыл, цæмæй сæ, сисы сæрыл цы

адæм æрæмбырд, уыдон иуулдæр хъусой,
кæд фæтæрсиккой æмæ сахар нæ къухтæм
лæвæрд æрцæуид, зæгъгæ. 19Уыдон Йеру-
салимы Хуыцауы барстой иннæ адæмты
хуыцæуттыл, адæймаджы къухæй конд хуы-
цаугæндтыл. 20Фæлæ паддзах Езекиа æмæ
пехуымпар Исайа, Амоцы фырт, æххуысагур
сдзынæзтой уæларвмæ, 21æмæ Дунедарæг
зæды рарвыста. Уыцы зæд Ассирийы паддза-
хæн йæ сахъ хæстонтæ, йе 'фсады хицæуттæ
æмæ йæ фæтæгты се 'ппæты дæр ныццагъта.
Æмæ паддзах худинаджы гаккимæ аздæхти
йæ бæстæм. Иуахæмы йæ хуыцауы кувæн-
донмæ куы бацыд, уæд æй уым йæ фырттæ
кардæй амардтой.
22Афтæ Дунедарæг фервæзын кодта Езе-
киа æмæ Йерусалимы цæрджыты Ассири-
йы паддзах Санхерибы къухæй. Сæ иннæ
знæгтæй дæр сæ алырдыгæй сæдас кодта.
23Æмæ бирæтæ Йерусалиммæ Дунедарæгæн
хастой хуынтæ, иудейаг паддзах Езекиайæн
та — зынаргъ лæвæрттæ. Уæдæй фæстæмæ
адæмты 'хсæн тынг скадджын ис.
24Уыцы бонты Езекиа мæлæтдзаг рынчын
фæци æмæ Дунедарæгмæ скуывта. Уый йын
йæ куывдæн дзуапп радта æмæ йын æв-
дисæйнаг равдыста. 25Фæлæ Езекиа уыцы
хорзæхæн аккаг аргъ не скодта, уымæн æмæ
йæхиуыл æгæр фервæссыд. Æмæ йын уый
тыххæй йæхи дæр, стæй Иудей æмæ Йеру-
салимы дæр Дунедарæджы азар баййæфта.
26Уæд Езекиа æрфæсмон кодта, йæхиуыл
кæй фервæссыди, уыыл, Йерусалимы цæр-
джытæ дæр афтæ, æмæ сæ, цалынмæ Езекиа
æгас уыди, уæдмæ Дунедарæг Йæ азары хай
нал бакодта.
27Езекиа тынг хъæздыг æмæ кадджын
паддзах уыди. Уый сарæзта хæзнадæттæ
йе 'взист æмæ йæ сызгъæринæн, хæзна-
дуртæ, хæрздæфгæнæнтæ, уартытæ æмæ
алы зынаргъ дзаумайæн. 28Нодджы сарæзта
къæбицтæ хор, сæн æмæ оливæйы сойæн.
Алы мыггаг фосæн скъæттæ скодта, йæ лыс-
тæг фосы дзугтæн — фосдæттæ. 29Сарæзта
сахартæ, самал кодта бирæ лыстæг фосы
дзугтæ æмæ стурвосы рæгъæуттæ. Утæппæт
фæллæйттæ йын уыдысты Хуыцауы лæвар.
30Езекиа Гихоны донгуырæны ратæдзæн
сæхгæдта æмæ йын йæ дон зæххы бынты
Давиды сахары ныгуылæйнаг фарсмæ 'рба-
уагъта. Йæ алы хъуыддаджы дæр Езекиа
уыди æнтыстджын.
31Езекиайы зæххыл цы диссаджы хабар
æрцыд, уый бæлвырддæр базоныны тых-
хæй йæм Вавилоны æлдæрттæ минæвæрттæ
барвыстой. Æмæ йæ уæд Дунедарæг ныу-
уагъта, цæмæй йæ бафæлвара æмæ йын йæ
зæрдæйы ахаст раргом кæна.
32Езекиайы хицаудзинады иннæ хабæрттæ
æмæ йæ хорз хъуыддæгтæ фыст æрцыдысты
пехуымпар Исайайы, Амоцы фырты, цæс-
тылуайæны, стæй Иудей æмæ «Израилы
паддзæхты чиныджы». 33Куы амарди, уæд
æй бавæрдтой йæ фыдæлты зæппадзы, Дави-
ды байзæддæгты уæлмæрды цур, уæлæуæз
ран. Йæ мард ын скадджын кодтой æппæт
иудейæгтæ æмæ Йерусалимы цæрджытæ.
Йæ фæстæ паддзах сси йæ фырт Менассиа.

**33** Менассиа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
дыууадæс азы æмæ Йерусалимы паддзахи-
уæг фæкодта фынддæс æмæ дыууиссæдз азы.
2Менассиа Дунедарæгæн æнæуынон хъуыд-
дæгтæ кодта. Дунедарæг израилæгты разæй
цы адæмты фæсырдта, уыдоны æлгъаг митæ
фæзмыдта. 3Ногæй сарæзта, кæддæр йæ фыд
Езекиа кæй ныппырх кодта, уыцы кувæн
къуыбыртæ, Баалтæн скодта нывондхæссæн-
тæ, Ашерæйæн — цæджындзтæ; табу æмæ
лæггад кодта æппæт уæларвон стъалытæн.
4Суанг Дунедарæджы Кувæндоны дæр, Дуне-
дарæг афтæ кæмæй загъта, Йерусалимы Мæ
ном мыггагмæ цæрдзæн, зæгъгæ, Менассиа
нывондхæссæнтæ сарæзта. 5Кувæндонæн йæ
дыууæ кæрты мидæг æппæт уæларвон æф-
садæн нывондхæссæнтæ скодта. 6Хинномы
фырты дæлвæзы арты нывондæн æрхас-
та йæ фыртты, дæсны фарста, хинтæ æмæ
кæлæнтæ кодта, мæрдтæмсидджытæ æмæ
кæлæнгæнджыты уынаффæтæм хъуыста.
Дунедарæджы раз бирæ фыдракæндтæ са-
рæзта æмæ йæ бирæ галиу митæй мæсты
кодта Дунедарæджы. 7Хъæдæй кæй саразын
кодта, уыцы гуымирыйы та сæвæрдта Ду-
недарæджы Кувæндоны, Дунедарæг Давид
æмæ Соломонæн афтæ кæмæй загъта: «Ацы
Кувæндоны, Йерусалимы — Израилы æп-
пæт хæдзарвæндæгты исбонæй Мæхицæн
кæй равзæрстон, уыцы сахары — Мæ ном
цæрдзæни мыггагмæ. 8Æз израилæгты, сæ
фыдæлтæн сын цы зæхх радтон, уымæй
никуыуал фæхауæццаг кæндзынæн, кæд,
цыдæриддæр сын бафæдзæхстон, уыдæт-
тæ, Моисейы уылты сын кæй радтон, уыцы
Æгъдау, уагæвæрдтæ æмæ амындтытæ иу-
уылдæр æххæст кæной, уæд».
9Фæлæ Менассиа Иудей æмæ Йерусалимы
цæрджытæн сæ сæрызонд афтæ сзыгъуым-
мæ кодта, æмæ израилæгтæн бынат суæгъд
кæныны тыххæй Дунедарæг цы адæмты

ныццагъта, уыдонæй фæфыддæр сты. 10Ду-
недарæг Менассиа æмæ йæ адæмы рагацау
бахизынил архайдта, фæлæ Йæм нæ хъу-
ыстой. 11Æмæ сыл уæд Ассирийы паддзахы
’фсады хицæутты бафтыдта, æмæ уыдон Ме-
нассиайыл хъадамантæ скодтой, рæхыстæй
йæ сбастой æмæ йæ афтæмæй Вавилонмæ
акодтой.
12Менассиа уынгæг ранмæ куы бахауд,
уæд Дунедарæгæн, йæ Хуыцауæн, лæгъстæ
кæнын байдыдта, йæ фыдæлты Хуыцауы
раз тынг æрфæсмон кодта. 13Скуывта Йæм,
æмæ йæм Хуыцау Йæ хъус æрдардта, айста
йын йæ куывд. Фæстæмæ йæ ’рбаздæхта
Йерусалиммæ, йæ паддзахы бадæнмæ. Æмæ
афтæмæй Менассиа базыдта, Дунедарæг
æцæгæйдæр Хуыцау кæй у, уый.
14Уый фæстæ Менассиа ногæй рацаразын
кодта Давиды сахары æддаг быру, уымæ
йæ ноджы бæрзонддæр систа. Быру цыди
Гихоны тæрфы ныгуылæйнаг фæрсты æмæ
ахæццæ ис Кæфты кулдуармæ, стæй дарддæр
Офелы алыварс æрзылди.
Иудейы фидаргонд сахарты Менассиа æф-
сæддон хицæутты сæвæрдта. 15Дунедарæ-
джы Кувæндонæй æцæгæлон хуыцæуттæ
æмæ гуымирыйы раппарын кодта. Кувæндон
цы хохыл лæууыд, ууыл, стæй Йерусалимы
кæй саразын кодта, уыцы нывондхæссæнтæ
дæр фехæлдта, иууылдæр сæ сахары æддемæ
ахæссын кодта. 16Ногæй сарæзта Дунедарæ-
джы нывондхæссæн, фидыды æмæ арфæйы
нывæндтæ йыл æрхаста. Иудейæгтæн бафæ-
дзæхста, цæмæй лæггад кæной Дунедарæгæн,
Израилы Хуыцауæн. 17Фæлæ ма уæддæр
адæм кувæн къуыбыртыл нывæндтæ хастой,
æцæг Дунедарæджы, сæ Хуыцауы, номыл.
18Менассиайы иннæ хабæрттæ, йæ куывд
Хуыцаумæ æмæ, Дунедарæджы номæй йæм
цы зонынджынтæ сидти, уыдоны ныхæстæ
фыст сты «Израилы паддзæхты чиныджы».
19«Хозайы чиныджы» фыст æрцыдысты Ме-
нассиайы куывд, Хуыцау æм Йæ хъус куыд
æрдардта, уый, йе ’рфæсмоны размæ йæ
тæригъæдтæ æмæ йæ фыдракæндтæ иу-
уылдæр, стæй кувæн къуыбыртæ, Ашерæйы
цæджындзтæ æмæ гуымирытæ кæмыты
скодта, уыдæттæ.
20Менассиа куы амарди, уæд æй бавæрд-
той йæ галуаны кæрты. Йæ фæстæ паддзах
сси йæ фырт Амон. 21Паддзах куы сси, уæд
ыл цыди дыууæ æмæ ссæдз азы, æмæ Йеру-
салимы йæ паддзахиуæг ахаста дыууæ азы.
22Амон йæ фыд Менассиайау Дунедарæгæн
æнæуынон хъуыддæгтæ кодта. Кæддæр йæ
фыд цы гуымирытæ сарæзта, уыдонæн табу
кодта æмæ сын нывæндтæ хаста. 23Йæ фыд
Менассиайы хуызæн, Амон не ’рфæсмон
кодта Дунедарæджы раз, фæлæ ма йæ тæ-
ригъæдтæ ноджы фæфылдæр сты.
24Фæстагмæ паддзах Амоны ныхмæ йæ
дæлдæртæ сусæгвæнд скодтой æмæ йæ
амардтой йæ галуаны. 25Фæлæ бæстæйы
цæрджытæ, Амоны ныхмæ сусæгвæнды
чи архайдта, уыдоны се ’ппæты дæр ныц-
цагътой æмæ йын йæ бæсты паддзахæй
расидтысты йæ фырт Иосиайы.

**34** Иосиа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
аст азы, æмæ Йерусалимы йæ паддзахиуæг
ахаста иуæндæс æмæ ссæдз азы. 2Иосиа
Дунедарæгæн фæндон хъуыддæгтæ кодта.
Алцæмæй дæр фæзмыдта йæ фыдæл Давиды,
уый фæндагыл цыди æмæ дзы йæхи нæдæр
рахизæрдæм, нæдæр галиуæрдæм здæхта.
3Йæ паддзахиуæджы æстæм аз, нырма
æрыгон уыдис, афтæмæй Иосиа йе ’ргом са-
рæзта Дунедарæджы, йæ фыдæл Давиды Ху-
ыцауы ’рдæм. Дыууадæсæм аз та Иудей æмæ
Йерусалим сыгъдæг кæнын райдыдта кувæн
къуыбыртæ æмæ Ашерæйы цæджындзтæй,
нывæфтыд æмæ джиппыуагъд гуымирытæй.
4Иосиа ныппырх кæнын кодта Баалты ны-
вондхæссæнтæ, стæй, цы будсудзæнтæ сыл
уыди, уыдон дæр. Уый акалдта Ашерæйы
цæджындзтæ, нывæфтыд æмæ джиппы-
уагъд гуымирытæ. Иууылдæр сæ ныззыгуым
кодта æмæ сæ, кæддæр сын нывæндтæ чи
хаста, уыдоны ингæнтыл ныххæлиу кодта.
5Мæнгхуыцæутты сауджынтæн се стджытæ
сæ нывондхæссæнтыл басудзын кодта æмæ
афтæмæй ссыгъдæг кодта Иудей æмæ Йеру-
салим. 6Менассиа афтæ бакодта Ефрем æмæ
Симеоны сахарты дæр, суанг Неффалимы
зæххы онг, стæй, сæ алыварс гæныстонмæ
цы зæххытæ ’рцыдысты, уыдоны дæр. 7Æгас
Израилы зæххыл Ашерæйы нывондхæс-
сæнтæ æмæ цæджындзтæ фехалын кодта,
гуымирыты рыг фестын кодта, будсудзæн
нывондхæссæнтæ ныддæрæн кодта. Æмæ
уый фæстæ ’рбаздæхти Йерусалиммæ.
8Йæ паддзахиуæджы æстдæсæм аз, бæстæ
æмæ Хуыцауы хæдзар ссыгъдæг кæныны
фæстæ, Ацалиайы фырт Шафанæн, стæй
сахары хицау Маасеа æмæ Йоахазы фырт
Йоахæн, йæ азфыссæгæн, бафæдзæхста йæ
Хуыцауы хæдзар ногæй рацаразын. 9Уыдон
бацыдысты алчер Хилкиамæ æмæ йын рад-
той, адæм Хуыцауы хæдзармæ цы æвзист
æрбахастой, уый. Кувæндоны къæсæрыл

цы хъахъхъæнæг-левиттæ лæууыд, уыдон
сæ æрæмбырд кодтой Менассиа æмæ Ефре-
мы байзæддæгтæй, стæй, израилæгтæй ма
сæрæгасæй чи баззади, уыдонæй, ноджы
ма Иудæ æмæ Бениамины æппæт фæдонтæ
æмæ Йерусалимы цæрджытæй. 10Уый фæс-
тæ æвзист радтой, Дунедарæджы хæдза-
ры куыстытæ кæмæн бабар кодтой, уыцы
лæгтæм, цæмæй дзы уыдон Дунедарæджы
хæдзар цалцæггæнджытæн сæ мызд фидой.
11Уыдон хъæддæснытæ æмæ араздж ытæн
æхца лæвæрдтой, цæмæй дзы лæгъзгонд
дуртæ æмæ хъайвантæн хъæдæрмæг æлхæ-
ной, иудейаг паддзæхты аххосæй зауатмæ
цы бæстыхæйттæ ’рцыдысты, уыдон ногæй
рацаразынæн. 12Уыцы кусджытæ уыдысты
æууæнкджын адæм. Сæ сæргъы Мерарийы
байзæддæгтæй лæууыдысты левиттæ Йахат
æмæ Овади, Кехаты байзæддæгтæй — Заха-
риа æмæ Мешуллам. Левиттæй алы зæлуа-
дзæнтæй цæгъдынмæ дæсны чи уыди, 13уы-
дон та сæ цæст дардтой уæргътæ хæсджытæм,
стæй, алы æндæр куыст чи кодта, уыдонмæ.
Левиттæй иуæй-иутæ уыдысты нымæрдартæ,
цæстдарджытæ æмæ дуаргæстæ.
14Дунедарæджы Кувæндоны цы ’взист
æрæмбырд, уый райсынмæ куы бацыдысты,
уæд сауджын Хилкиа ссардта, Дунедарæг Йæ
адæмæн Моисейы уылты кæй радта, уыцы
Æгъдауы чиныг. 15Хилкиа нымæрдар Шафа-
нæн загъта: «Æз Дунедарæджы Кувæндоны
ссардтон Æгъдауы чиныг». Æмæ тухгæ чиныг
Шафанмæ радта. 16Шафан чиныг паддзах-
мæ бахаста æмæ йын фехъусын кодта: «Дæ
лæггадгæнджытæ дын дæ фæдзæхстытæ
иуыылдæр æххæст кæнынц. 17Кувæндоны
цы æвзист разынди, уый цæстдарджытæ
æмæ кусджыты къухтæм радтой». 18Ноджы
ма Шафан йæ ныхасмæ бафтыдта: «Сауджын
Хилкиа мæм тухгæ чиныг радта». Æмæ йæ
Шафан паддзахы раз бакасти. 19Паддзах,
Æгъдауы чиныджы ныхæстæ куы фехъу-
ыста, уæд йæ дарæс фæйнæрдæм арæдывта.
20Алчер Хилкиа, Шафаны фырт Ахикам, Ми-
хайы фырт Авдон, нымæрдар Шафан æмæ
йæ лæггадгæнæг Асайайæн бафæдзæхста:
21«Цæугæут æмæ Дунедарæджы бафæрсут
мæн тыххæй, стæй ма, Израил æмæ Иуде-
йы сæрæгасæй чи баззади, уыдоны тыххæй
дæр. Цы чиныг ссардæуыд, уым цы фыст ис,
уыдæттæн цы кæнгæ у? Уымæн æмæ нæм
Дунедарæг тынг мæсты у, нæ фыдæлтæ Ду-
недарæджы ныхæстæ кæй ницæмæ дардтой
æмæ Æгъдауы чиныджы домæнтæ кæй не
’ххæст кодтой, ууыл».
22Хилкиа æмæ паддзахы ’рвыст лæгтæ
ацыдысты, Йерусалимы дыккаг зылды чи
царди, уыцы сылгоймаг-пехуымпар Хул-
дамæ. Йæ мой Шаллум уыди Токхаты фырт,
Хасрайы фырты фырт, йæ бæрны уыдысты
Кувæндоны уæлæдарæстæ. Æмæ йын ра-
дзырдтой æппæт дæр. 23-24Уый сын дзуапп
радта:
«Афтæ зæгъы Дунедарæг, Израилы Хуыцау.
Чи уæ рарвыста, уымæн фехъусын кæнут:
„Дунедарæг афтæ зæгъы: ацы бынат æмæ
йæ цæрджытыл Æз стыр бæллæх æруадз-
дзынæн, ацы чиныджы, Иудейы паддзахы
раз кæй бакастысты, уым цыдæриддæр æл-
гъыстытæ фыст ис, уыдон сыл иууылдæр
æрцæудзысты. 25Мæн кæй ныуугътой æмæ
æндæр хуыцæуттæн буд кæй сыгътой, сæ
хъуыддæгтæй Мæ кæй мæсты кодтой, уый
тыххæй сыл Мæ масты цæхæр ныккæлдзæн
æмæ нæ ахуысдзæн!“
26Иудейы паддзахæн, Дунедарæджы ба-
фæрсынмæ уæ чи рарвыста, уымæн та зæ-
гъут: „Афтæ зæгъы Дунедарæг, Израилы
Хуыцау: ды, ацы чиныджы цы фыст ис, уый
фехъуыстай. 27Æмæ ды, ацы сахар æмæ йæ
цæрджытæн цы бакæнынмæ хъавын, уый
куы фехъуыстай, уæд Дунедарæджы раз кæй
æрфæсмон кодтай, дæ дарæс фæйнæрдæм
кæй арæдывтай æмæ Мæ разы дæ цæссыг
кæй калдтай, уый тыххæй дæ Æз дæр фехъу-
ыстон, — зæгъы Дунедарæг. — 28Æмæ ды дæ-
хи цæстæй нæ фендзынæ, Æз ацы сахар æмæ
йæ цæрджыты цы бæллæхы амæттаг бакæн-
дзынæн, уый. Дæ царды кæрон дæ Æз фар-
нимæ дæ фыдæлты размæ бакæндзынæн“».
Паддзахыл уыцы дзуапп куы сæмбæлын
кодтой, 29уæд фæсидти Иудей æмæ Йеруса-
лимы хистæртæм. 30Иудей æмæ Йерусали-
мы æппæт цæрджытимæ, сауджынтæ æмæ
левиттимæ, æппæт дзыллæимæ, стырæй,
чысылæй, паддзах ацыди Дунедарæджы
Кувæндонмæ. Уым сын райдианæй кæронмæ
хъæрæй бакасти, Кувæндоны кæй ссардтой,
уыцы Фидыды чиныджы ныхæстæ. 31Уый
фæстæ паддзах йæ бынаты æрлæууыд æмæ
Дунедарæджы раз сфидар кодта фидыд:
Дунедарæгыл иузæрдион кæй уыдзæн, зæр-
диагæй æмæ удуæлдайæ Йын кæй æххæст
кæндзæн Йæ фæдзæхстытæ, Йæ уагæвæрдтæ
æмæ Йæ амындтытæ, стæй, Фидыды чины-
джы цы ныхæстæ фыст ис, уыдон.
32Уым Йерусалим æмæ Бениамины зæх-
хæй чи уыди, уыцы адæмæн паддзах бафæ-
дзæхста, цæмæй уыдон дæр ахæм дзырд
радтой. Æмæ Йерусалимы цæрджытæ уæдæй

фæстæмæ æххæст кæнын райдыдтой Хуыцауы, сæ фыдæлты Хуыцауы, фæдзæхстытæ.
[33]Иосиа аппарын кодта, израилæгтæн сæ дæлбар цы зæххытæ уыд, уымыты цыдæриддæр æлгъагæй уыди, уыдæттæ æмæ Израилы æппæт адæмæн бафæдзæхста, цæмæй лæггад кæной Дунедарæгæн, сæ Хуыцауæн. Æмæ, цалынмæ Иосиа æгас уыди, уæдмæ бæстæйы адæм иуулдæр сæхи никуыуал атигъ кодтой Дунедарæгыл, сæ фыдæлты Хуыцауыл.

**35** Иосиа Йерусалимы Дунедарæгæн сарæзта Куадзæны бæрæгбон, æмæ фыццаг мæйы цыппæрдæсæм бон æрхастой Куадзæны нывонд.
[2]Иосиа сауджынтæн сбæлвырд кодта сæ хæстæ, сразæнгард сæ кодта Дунедарæджы Кувæндоны лæггад кæнынмæ.
[3]Æмæ загъта левиттæн, Дунедарæгæн йæхи чи снывонд кодта, уыдонæн, æгас Израилы зондамонджытæн: «Фидыды Чырын сæвæрут, паддзах Давиды фырт Соломон кæй сарæзта, уыцы Кувæндоны. Нал уын æй хъæуы уæхсчытыл хæссын. Нырæй фæстæмæ лæггад кæнут Дунедарæгæн, нæ Хуыцауæн, æмæ Йæ адæм Израилæн.
[4]Мыггаггай скæнут уæ уаз куысты рад, Израилы паддзах Давид æмæ йæ фырт Соломон сæ заманы цы барфыст радтой, уымæ гæсгæ.
[5]Левиттæн сæ алы къорд дæр Кувæндоны йе 'рвад-æфсымæрты фарсмæ 'рлæууæд.
[6]Уæхи ссыгъдæг кæнут æмæ уе 'рвадæлтæн Куадзæны уæрыкк аргæвдут, Дунедарæг Моисейы уылты куыд бафæдзæхста, афтæ».
[7]Паддзах Иосиа, адæмæй уым чи уыди, уыдонæн се 'ппæтæн дæр Куадзæны номыл йæ исбонæй рауæлдай кодта дæс æмæ ссæдз мин уæрыччы æмæ сæныччы, стæй æртæ мин стуры.
[8]Йæ барджынтæ дæр адæмæн, стæй сауджынтæ æмæ левиттæн, бархийæ лæвæрттæ ракодтой сæ фосæй. Хуыцауы Кувæндоны уагдартæ, Хилкиа, Захариа æмæ Йехиел, Куадзæны нывондæгтæ сауджынты къухмæ радтой: лыстæг фосæй — дыууæ мин æмæ æхсæзсæдæ сæры, стурвосæй — æртæсæдæ сæры.
[9]Левитты хистæртæ дæр, Конани æмæ йе 'фсымæртæ Шемайа æмæ Нетанел, ноджы ма Хашавиа, Йеиел æмæ Йозавад, левиттæн Куадзæны нывæндтæ 'рхæссынæн балæвар кодтой фондз мин сæры лыстæг фосæй, фондзсæдæ сæры та — стуртæ.
[10]Сауджынты уаз куыстæн æппæт дæр цæттæгонд куы 'рцыд, уæд дзы алчидæр йæ бынаты æрлæууыд, левиттæ дæр сæ къордтæм гæсгæ æрлæууыдысты, паддзах куыд бафæдзæхста, афтæ.
[11]Левиттæ Куадзæны уæрыччыты аргæвстой æмæ сын бастыгътой сæ цæрмттæ, сауджынтæ та левитты къухæй райстой сæ тугæй æмæ дзы бапырх кодтой нывондхæссæныл.
[12]Иууылсудзинагæн цы хæйттæ нысангонд уыди, уыдон хицæнгонд цыдысты, цæмæй адæмы мыггæгты алы къорды номæй лæвæрд цæуой сауджынтæм æмæ сæ уыдон нывондхæссæныл судзой Дунедарæджы кадæн, Моисейы чиныджы куыд фыст ис, афтæ. Стуртæн дæр бакодтой афтæ.
[13]Левиттæ, уагфыстмæ гæсгæ, Куадзæны уæрыччыты фыд физонæг кодтой, сæ уаз хæйттæ та сын агтæ æмæ дурынты сфыхтой æмæ сæ адæмыл рæвдз айуæрстой.
[14]Уый фæстæ левиттæ Куадзæны минас сцæттæ кодтой сæхицæн æмæ сауджынтæн, уымæн æмæ сауджынтæ, Аароны байзæддæгтæ, æнафонмæ фæхастой иууылсудзинаг нывæндтæ æмæ фæсыгъдтой нывондæгты фиу. Сæхицæн дæр æмæ сауджынтæн дæр, Аароны байзæддæгтæн, алцыдæр æрцæттæ кодтой левиттæ.
[15]Зарæггæнджытæ, Асафы байзæддæгтæ, лæуууыдысты сæ бынæтты, сæ заманы Давид, Асаф, Хеман æмæ паддзахы зонынджын Йедутун куыд бауынаффæ кодтой, афтæ. Дуаргæстæ дæр алы кулдуары раз лæууыдысты, йæ куыст ныууадзын дзы никæй бахъуыди, уымæн æмæ сын се 'рвадæлтæ, левиттæ, алцыдæр æрцæттæ кодтой.
[16]Уыцы бон Дунедарæджы кадæн уаз лæггады æгъдау иууылдæр сæххæст кодтой: Куадзæны бæрæгбон арæзт æрцыди. Паддзах Иосиайы бардзырдæй Дунедарæджы нывондхæссæныл хаст æрцыдысты иууылсудзинаг нывæндтæ.
[17]Израилы дзыллæ Куадзæны бæрæгбоны хæдфæстæ авд боны дæргъы бæрæг кодтой Донгонд дзулты бæрæгбон.
[18]Пехуымпар Самуелы заманæй фæстæмæ Израилы ахæм Куадзæн никуыуал уыд. Израилы паддзæхтæй иу дæр Куадзæн Иосиайы хуызæн никуы сбæрæг кодта: сауджынтæ æмæ левиттимæ, Иудей æмæ Израилы адæмæй уым чи уыдис, уыдонимæ æмæ Йерусалимы цæрджытимæ.
[19]Куадзæны бæрæгбон арæзт æрцыд Иосиайы паддзахиуæджы æстдæсæм аз.
[20]Иосиа Дунедарæджы Кувæндоны уаз куыстæн уаг æмæ æгъдау куы сæвæрдта, уый фæстæ Мысыры паддзах Нехо хæстмæ рацыди Каркемишы ныхмæ, Евфраты 'рдæм, æмæ Иосиа йе 'фсадимæ рацыди йæ ныхмæ.
[21]Нехо йæм йæ минæвæртты барвыста, цæмæй йын зæгъой: «Иудейы паддзах, цавæр хъаугъа ис не 'хсæн? Æз хæстмæ рацыдтæн

дæ ныхмæ нæ, фæлæ, мемæ чи хæцы, уы-
доны ныхмæ хæцынмæ. Хуыцау мын ба-
фæдзæхста, цæмæй фæстиат ма фæкæнон.
Уый мæ фарс хæцы. Уæдæ Йæ ныхмæ ма цу,
науæд дæ бабын кæндзæн». 22Иосиа фæстæ-
мæ нæ аздæхт, фæлæ йæхи тохмæ ’рцæттæ
кодта. Нехо йын Хуыцауы номæй цы загъ-
та, уымæ нæ байхъуыста, æмæ Мегиддойы
дæлвæзы йемæ схæцыди.

23Нехойы æрдынджынтæ сæ фæттæ су-
агътой æмæ Иосиайы фæцæф кодтой. Уæд
Иосиа йæ лæггадгæнджытæн загъта: «Ала-
сут мæ ардыгæй, уæззау цæф дæн». 24Уыдон
æй уæрдонæй райстой, æндæр уæрдоны йæ
сæвæрдтой æмæ йæ аластой Йерусалиммæ.
Уым Иосиа амарди, æмæ йæ бавæрдтой йæ
фыдæлты зæппадзы. Æгас Иудей æмæ Йе-
русалимы цæрджытæ йыл фæхъыг кодтой.
25Йеремиа йыл скодта хъарæг. Уæдæй нырмæ
йæ хъарджыты фæмысынц бирæ зарæг-
гæнджытæ, нæлгоймагæй, сылгоймагæй.
Израилы уый сси фæтк, уыцы зарджытæ
фыст æрцыдысты «Хъарджыты чиныджы».

26Иосиайæн йæ хицаудзинады иннæ ха-
бæрттæ, Дунедарæджы Æгъдауыл æнувыд
куыд уыди, уыцы хорз хъуыддæгтæ, 27райди-
анæй кæронмæ, фыст æрцыдысты «Израил
æмæ Иудейы паддзæхты чиныджы».

**36** Иудейы дзыллæ Йерусалимы сахары
Иосиайы бæсты паддзахæй расидтысты йæ
фырт Иоахазы.

2Иоахаз паддзах куы сси, уæд ыл цыди
æртæ æмæ ссæдз азы æмæ Йерусалимы йæ
паддзахиуæг ахаста æртæ мæйы. 3Мысыры
паддзах æй Йерусалимы æнæхай фæкодта
йæ паддзахы бадæнæй, Иудейыл та сæвæрд-
та хъалон: сæдæ таланты æвзист æмæ иу
талант сыгъзæрин. 4Мысыры паддзах Иудей
æмæ Йерусалимæн Иосиайы бæсты пад-
дзахæй расидти йæ иннæ фырт Елиакимы.
Æцæг ын радта ног ном: Иоаким. Иоахазы
та фараон Нехо Мысырмæ уацары акодта.

5Иоаким паддзах куы сси, уæд ыл цыди
фондз æмæ ссæдз азы, æмæ Йерусалимы
йæ паддзахиуæг ахаста иуæндæс азы. Ду-
недарæгæн, йæ Хуыцауæн, æнæуынон цы
уыди, уыдæттæ кодта. 6Æмæ йæм Вавилоны
паддзах Навуходоносор æрбабырста, хъа-
дамантæ йыл скодта æмæ йæ Вавилонмæ
уацары акодта. 7Дунедарæджы Кувæндоны
мигæнæнтæн дæр сæ иу хай аласта Вавилон-
мæ æмæ сæ уым йæхи кувæндоны сæвæрдта.

8Иоакимы иннæ хабæрттæ, йе ’лгъаг
хъуыддæгтæ, цы йыл æрцыди, уыдæттæ
иууылдæр фыст æрцыдысты «Израил æмæ
Иудейы паддзæхты чиныджы». Йæ фæстæ
паддзах сси йе ’фсымæр Йехониа.

9Йехониа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
аст азы, æмæ Йерусалимы йæ паддзахиуæг
ахаста æртæ мæйы. Дунедарæгæн æнæуынон
цы уыди, уыдæттæ кодта. 10Уалдзæджы йæм
Навуходоносор арвыста, æмæ йæ Вавилонмæ
уацары акодтой, ноджы ма рахастой Дуне-
дарæджы Кувæндоны зынаргъ дзауматæ
дæр. Иудей æмæ Йерусалимæн та паддзахæй
сæвæрдта уымæн йе ’фсымæр Цедекиайы.

11Цедекиа паддзах куы сси, уæд ыл цыди
иу æмæ ссæдз азы, æмæ Йерусалимы йæ
паддзахиуæг ахаста иуæндæс азы. 12Дуне-
дарæгæн, йæ Хуыцауæн, æнæуынон цы уыди,
уыдæттæ кодта. Дунедарæг ын пехуымпар
Йеремиайы уылты цы фæдзæхста, уыдон
дæр ницæмæ дардта.

13Цедекиа сыстади паддзах Навуходо-
носоры ныхмæ, кæд ын уый Хуыцауы раз
ард бахæрын кодта, уæддæр. Ахæм хивæнд
æмæ хиваст разынди, æмæ йæ æппындæр
Дунедарæгмæ, Израилы Хуыцаумæ, йе ’ргом
раздахын нал фæндыд. 14Хистæр сауджынтæ
æмæ адæмы хистæрты тæригъæдтæн дæр
кæрон нал уыди. Муртаттæгты æлгъаг митæ
фæзмыдтой æмæ фæчъизи кодтой Дунеда-
рæджы Кувæндон, Дунедарæг Йерусалимы
кæй срухс скодта, уый. 15Дунедарæг сæм, сæ
фыдæлты Хуыцау, æдзухдæр æрвыста Йæ
минæвæртты, уымæн æмæ тæригъæд кодта
Йæ адæмæн, йæ Цæрæнæн. 16Фæлæ Йын уы-
дон хынджылæг кодтой Йæ минæвæрттæй,
æлгъ кодтой Йæ ныхæстыл æмæ Йын Йæ
пехуымпартыл худтысты, цалынмæ сæм
Дунедарæджы маст рафыхти, уæдмæ, æмæ
сын уæд фервæзыны хос нал уыди. 17Халде-
йаг паддзахы сыл сардыдта, æмæ сын уый се
’взонг лæппуты Кувæндоны мидæг кардæй
ныццагъта. Никæуыл бацауæрста: лæппу-
йæ, чызгæй, хистæрæй, урссæр зæрондæй
се ’ппæты дæр ын Хуыцау радта йæ къухмæ.
18Хуыцауы Кувæндоны ма цы дзауматæ уыди,
уыдон, стырæй, къаннæгæй, стæй Дунеда-
рæджы Кувæндоны хæзнатæ, паддзах æмæ
йе ’лдæртты хæзнатæ — иууылдæр сæ аласта
Вавилонмæ.

19Вавилойнæгтæ Хуыцауы хæдзар басыгъ-
той, Йерусалимы быру ныппырх кодтой.
Сахары галуантæ сыгъд æрцыдысты иууыл-
дæр, зынаргъ дзаумайæ дзы цыдæриддæр
уыди, уыдон ныззыгуым сты. 20Кардæй чи
аирвæзт, уыдоны та Навуходоносор уацары
атардта Вавилонмæ, æмæ йын уым цагъартæ

уыдисты йæхицæн дæр æмæ йæ байзæд-
дæгтæн дæр, цалынмæ Персы паддзахад йæ
тыхы нæ бацыди, уæдмæ. 21 Афтæ сæххæст
ис, Дунедарæг Йеремиайы уылты цы загъта,
уый. Зæхх дæс æмæ æртиссæдз азы дæргъы
уыди гæныстон, афтид, цалынмæ, Израил
цы сабаты азтæ нæ бæрæг кодта, уыдон нæ
баххæст сты, уæдмæ.

22 Персайнаг паддзах Кирæн йæ паддзахи-
уæджы фыццæгæм аз сæххæст ис, Дунедарæг
пехуымпар Йеремиайы уылты цы фехъусын
кодта, уый. Дунедарæг персайнаг паддзахы
сразæнгард кодта, цæмæй йе 'ппæт паддза-
хады дæр фехъусын кæна æмæ ныффысса
ахæм бардзырд: 23 «Афтæ зæгъы Кир, Персы
паддзах: дунейы æппæт паддзахæдтæ мын
иуулдæр Дунедарæг, уæларвон Хуыцау,
мæ къухмæ радта. Æмæ мын бафæдзæхста,
цæмæй Йын Йерусалимы, Иудейы зæххыл,
саразон Кувæндон. Гъемæ уæ Йæ адæмæй
чи у, уыдон иууылдæр уырдæм ацæуæнт,
æмæ уын Дунедарæг ахъазгæнæг фæуæд!»

# Езрайы фыццаг чиныг

Езрайы чиныджы ныхас цæуы, персайнæгтæ Вавилон куы басастой, уæд дзуттаг адæм вавилойнаг уацарæй Иудеймæ куыд здæхтысты, ууыл: уый фæстæ Йерусалим ногæй сырæзти, æмæ та адæм Хуыцаумæ уым кувын райдыдтой.

Райгуырæн бæстæм æрбаздæхын хуымæтæг хъуыддаг нæ уыд: сыхаг адæмты нæ фæндыдис, цæмæй дзуттæгтæ ногæй сæндидзой ацы цытджын, уымæй размæ пырхгонд чи æрцыд, уыцы паддзахады сæйраг сахар. Фæлæ уæддæр Кувæндон арæзт фæцис Чырыстийы райгуырды агъоммæ 515 азы. Ацы хъуыддагæн стыр ахъаз фесты пехуымпартæ Аггей æмæ Захариайы ныфсдæттæг пехуымпар ныхæстæ (кæс: сæ чингуытæ Библийы).

Чи зоны, æмæ ацы чиныг дæр æмæ пехуымпар Неемиайы чиныг дæр уыцы иу автор ныффыста — Азфыстыты чингуытæ адарддæр кæныны нысанимæ. Чиныг адих кæнæн ис æртæ сæйраг хайыл: 1) дзуттæгты фыццаг æрбаздæхт (н. д. а. 538 аз); 2) Вавилоны æфсад Чырыстийы райгуырды агъоммæ 586 азы кæй ныппырх кодта, Дунедарæджы уыцы Кувæндоны ног рацарæзт æмæ срухс (3–6 сæртæ); уыимæ чиныджы ацы хайы пайдагонд цæуы æрмæст дзуттаг нæ, фæлæ, Персайнаг империйы алы адæмтæ кæуыл дзырдтой, уыцы арамейаг æвзагæй дæр; 3) сауджын æмæ динамонæг Езрайы æрбаздæхт Йерусалиммæ дзуттæгты иу къордимæ (7–10 сæртæ). Уый фæрцы йæ адæм фæстæмæ раздæхтысты Хуыцаумæ æмæ Йын Йе 'Гъдау бæстон æххæст кæнын райдыдтой. Езра, бæлвырдæй зæгъæн ис, бындур æрæвæрдта, дзуттæгтæ уый фæстæ дæр, суанг Ног Фæдзæхсты онг, кæй хъахъхъæдтой, уыцы дины уагæвæрдæн.

---

**1** Йеремиайы уылты цы загъта, уый сæх-
хæст кæныны охыл Дунедарæг сразæнгард
кодта Персы паддзах Киры йæ паддзахиуæ-
джы фыццæгæм аз, æмæ уый йæ паддзахады
алы ран дæр дзыхы ныхасæй æмæ гæххæт-
тыл фыстæй фехъусын кодта: 2«Афтæ зæ-
гъы Кир, Персы паддзах: „Афтæ зæгъы Кир,
Персы паддзах: дунейы æппæт паддзахæдтæ
мын иууылдæр Дунедарæг, уæларвон Хуыцау,
мæ къухмæ радта. Æмæ мын бафæдзæхста,
цæмæй Йын Йерусалимы, Иудейы зæххыл,
саразон Кувæндон. 3Гъемæ уæ Йæ адæмæй
чи у, уыдонæн Дунедарæг ахъæзгæнæг фæ-
уæд æмæ фæцæуæнт Йерусалиммæ, Иудейы
бæстæм, æмæ бавналæнт Дунедарæджы,
Израилы Хуыцауы, Йерусалимы Чи ис, Уы-
цы Хуыцауы Кувæндон аразынмæ. 4Æндæр
рæттæм чи фæхауди, кæмфæнды уæд, уы-
донмæ та бынæттон цæрджытæ, Хуыцауы
Кувæндонæн мысайнæгтæ раттынæй уæлдай,
фæкæсæнт æвзист, сыгъзæрин, мулк æмæ
хайуантæй“». 5Уыйадыл Иудæйы хæдзар-
вæндаджы æмæ Бениамины хæдзарвæн-
даджы мыггæгты хистæртæ, сауджынтæ
æмæ левиттæ, Хуыцау кæй сразæнгард кодта,
уыдонæй алчидæр ацыд æмæ февнæлдта,
Йерусалимы чи ис, Дунедарæджы уыцы
хæдзар аразынмæ. 6Кувæндонæн алыхуызон
мысайнæгтæй уæлæмæ ма сын сæ сыхæгтæ
лæвæрдтой æвзист мигæнæнтæ, сыгъзæрин,
мулк æмæ хайуантæ.
7Паддзах Кир рахæссын кодта, Навуходо-
носор Йерусалимы кæй байста æмæ йæхи
хуыцæутты хæдзары кæй сæвæрдта, Ду-
недарæджы хæдзары уыцы мигæнæнтæ.
8Хæзнадар Митредатæн сæ рахæссын кодта
Персы паддзах Кир, æмæ сæ Митредат ном-
хыгъдмæ гæсгæ Шешбаццармæ, Иудæйы
фæтæгмæ, радта. 9Уыди дзы: сыгъзæрин
тæбæгътæ дæс æмæ ссæдз, æвзист тæбæгъ-
тæ — мин, кæрдтæ — фараст æмæ ссæдз;
10сыгъзæрин кæхцытæ — дæс æмæ ссæдз,
алыхуызон æндæр кæхцытæ — цыппарсæдæ
дæс, æндæр алы дзауматæ — мин.
11Сыгъзæрин æмæ дзы æвзист мигæнæнтæ
æдæппæтæй уыди фондз мин цыппарсæдæ.
Адæм Вавилонæй Йерусалиммæ фæстæмæ
куы здæхтысты, уæд æппæт уыцы мигæ-
нæнтæ иууылдæр йемæ райста Шешбаццар.

**2** Мæнæ адон сты, Вавилоны паддзах На-
вуходоносор йемæ уацары кæй акодта æмæ
фæстæмæ Йерусалиммæ æмæ Иудеймæ —
алчи йæхи сахармæ — чи æрыздæхти, нæ
уыцы æмбæстæгтæ. 2Уыдон æрыздæхтысты
Зоровавелимæ, Йешуаимæ, Неемиаимæ,

Сераимæ, Реелайаимæ, Мардохеимæ, Билшанимæ, Миспаримæ, Бигваимæ, Рехумимæ æмæ Баанаимæ. Уыцы израилæгты нымæц у:

3 Парошы мыггаг — дыууæ мин сæдæ æвдай дыууæ;
4 Шефатийы мыггаг — æртæсæдæ æвдай дыууæ;
5 Арахы мыггаг — авдсæдæ æвдай фондз;
6 Пахат-Моавы мыггаг (Йешуа æмæ Йоавы байзæддæгтæ) — дыууæ мин астсæдæ дыууадæс;
7 Еламы мыггаг — иу мин дыууæсæдæ фæндзай цыппар;
8 Заттуйы мыггаг — фарастсæдæ цыппор фондз;
9 Заккайы мыггаг — авдсæдæ æхсай;
10 Банийы мыггаг — æхсæзсæдæ цыппор дыууæ;
11 Бевайы мыггаг — æхсæзсæдæ дыууын æртæ;
12 Азгады мыггаг — иу мин дыууæсæдæ дыууын дыууæ;
13 Адоникамы мыггаг — æхсæзсæдæ æхсай æхсæз;
14 Бигвайы мыггаг — дыууæ мин фæндзай æхсæз;
15 Адины мыггаг — цыппарсæдæ фæндзай цыппар;
16 Атеры мыггаг (Езекиайы байзæддæгтæ) — нæуæдз аст;
17 Бецайы мыггаг — æртæсæдæ дыууын æртæ;
18 Йорайы мыггаг — сæдæ дыууадæс;
19 Хашумы мыггаг — дыууæсæдæ дыууын æртæ;
20 Гибары мыггаг — нæуæдз фондз;
21 Вифлеемæй рацæуджытæ — сæдæ дыууын æртæ;
22 Нетофæй рацæуджытæ — фæндзай æхсæз;
23 Анатотæй рацæуджытæ — сæдæ дыууын аст;
24 Азмаветæй рацæуджытæ — цыппор дыууæ;
25 Кирйат-Иаримæй, Кефирайæ æмæ Бееротæй рацæуджытæ — авдсæдæ цыппор æртæ;
26 Рамайæ æмæ Гевæйæ рацæуджытæ — æхсæзсæдæ дыууын иу;
27 Михмасæй рацæуджытæ — сæдæ дыууын дыууæ;
28 Вефилæй æмæ Гайæ рацæуджытæ — дыууæсæдæ дыууын дыууæ;
29 Невойæ рацæуджытæ — фæндзай дыууæ;
30 Магбишæй рацæуджытæ — сæдæ фæндзай æхсæз;
31 иннæ Еламæй рацæуджытæ — мин дыууæсæдæ фæндзай цыппар;
32 Харимы мыггаг — æртæсæдæ дыууын;
33 Лодæй, Хадидæй æмæ Онойæ рацæуджытæ — авдсæдæ дыууын фондз;
34 Йерихонæй рацæуджытæ — æртæсæдæ цыппор фондз;
35 Сенаайæ рацæуджытæ — æртæ мин æхсæзсæдæ æртын;
36 сауджынтæ: Иедайайы мыггагæй (Йешуайы байзæддæгтæ) — фарастсæдæ æвдай æртæ;
37 Иммеры мыггаг — иу мин фæндзай дыууæ;
38 Пашхуры мыггаг — иу мин дыууæсæдæ цыппор авд;
39 Харимы мыггаг — иу мин æвддæс.
40 Левиттæ: Йешуайы æмæ Кадмиелы мыггæгтæй (Ходавийы байзæддæгтæ) — æвдай цыппар.
41 Зарæггæнджытæ:
Асафы мыггагæй — сæдæ дыууын авд.
42 Кувæндоны дуаргæстæ:
Шаллумы, Атеры, Талмоны, Аккувы, Хатитайы, Шовайы мыггæгтæ — æдæппæтæй сæдæ æртын фараст лæджы.

43 Кувæндоны лæггадгæнджытæ: Цихайы,
Хасуфайы, Таббаоты, 44 Керосы, Сиахайы,
Падоны, 45 Леванайы, Хагавайы, Аккувы,
46 Хагавы, Шалмайы, Хананы, 47 Гидделы,
Гахары, Реаиайы, 48 Рецины, Некодайы, Газамы,
49 Уззайы, Пасеахы, Бесайы, 50 Аснайы,
Меунимы, Нефусимы, 51 Бакбукы, Хакуфайы,
Хархуры, 52 Бацлиты, Мехидайы, Харшайы,
53 Баркосы, Сисерайы, Темахы, 54 Нециахы,
Хатифайы мыггæгтæ.

55 Соломоны цагъарты байзæддæгтæ:
Сотайы, Софереты, Перудайы, 56 Иалайы,
Дарконы, Гидделы, 57 Шефатийы, Хаттилы,
Покерет-Цеваимы æмæ Амийы байзæддæгтæ.
58 Кувæндоны кусджыты æмæ Соломоны
цагъарты байзæддæгтæ æдæппæтæй — æртæсæдæ нæуæдз дыууæ.

59 Стæй ма, Тел-Мелах, Тел-Харша, Керув,
Аддан, Иммерæй чи рацыд, фæлæ йæ хæдзарвæндаг æмæ мыггаг Израилæй сты æви нæ, уый бæлвырдæй зæгъын йæ бон кæмæн нæ бацис, уыдон:
60 Делаийы, Товиайы, Некодайы байзæддæгтæ — æхсæзсæдæ фæндзай дыууæ.

61 Сауджынты хæдзарвæндæгтæй:
Ховайайы, Хакоцы, Барзиллайы (ацы лæг

галаадаг Барзиллайы чызджытæй иуы раку-
ырдта æмæ йæ каисы ном хæссын райдыдта)
байзæддæгтæ. 62 Сауджынты хæдзарвæн-
дæгты номхыгъды сæ фыдæлты агуырдтой,
фæлæ сæ не ссардтой æмæ уымæ гæсгæ сыгъ-
дæгыл нымад не ’рцыдысты æмæ сауджын-
ты номхыгъдмæ нал бахаудтой. 63 Иудейы
бæстыхицау сын загъта: «Цалынмæ сау-
джын сымах тыххæй Хуыцаумæ урим æмæ
туммимимæ скува, уæдмæ уын сыгъдæг
нывæндтæй хæрæн нæй». 64 Æппæт дзыл-
лæйы нымæц иумæ уыди цыппор дыууæ
мин æртæсæдæ æхсай. 65 Сæ унæуттæ æмæ
цагъарты сын куынæ нымайай, уæд. Нæл-
гоймаг æмæ сæм сылгоймаг унæуттæ æмæ
цагъартæ та уыди авд мин æртæсæдæ æр-
тын авд; семæ ма ноджы — уадынгæрзтыл
цæгъдджытæ æмæ зарæггæнджытæ, дыу-
уæсæдæ нæлгоймаджы æмæ сылгоймаджы.
66 Бæхтæ сæм уыдис авдсæдæ æртын æхсæз,
хæргæфсытæ — дыууæсæдæ цыппор фондз,
67 теуатæ — цыппарсæдæ æртын фондз, хæр-
джытæ — æхсæз мин авдсæдæ дыууын.

68 Хæдзарвæндæгты хистæртæй чидæртæ,
Дунедарæгæн Йерусалимы цы хæдзар ис,
уырдæм барвæндоны нывæндтимæ æрба-
цыдысты, цæмæй Хуыцауы хæдзар бынду-
ронæй ногæй арæзт æрцæуа, уый тыххæй.
69 Йæ къух кæмæн куыд амыдта, афтæ хæ-
дзар ногæй саразынæн радтой æхсай иу мин
драхмæйы сыгъзæрин, фондз мин минæйы
æвзист æмæ сæдæ фæлысты та сауджыны
дарæстæ.

70 Сауджынтæ дæр, левиттæ дæр, адæм
дæр, уадынгæрзтыл цæгъдджытæ æмæ за-
рæггæнджытæ дæр, дуаргæстæ дæр, Ку-
вæндоны кусджытæ дæр æрбынæттон сты
сахарты æмæ сæ алфамбылæйтты. Израил
иууылдæр сæ сахарты цæрын райдыдтой.

**3** Æвдæм мæй, Израил сæ райгуырæн са-
харты куы ’рбынæттон сты, уæд адæм иу-
уылдæр, иу лæджы хуызæн, æрæмбырд сты
Йерусалиммæ. 2 Æмæ бавдæлдысты Иоцада-
кы фырт Йешуа æмæ йæ сауджын æмбæлттæ,
стæй Шеалтиелы фырт Зоровавел æмæ йе
’рвадæлтæ æмæ Израилы Хуыцауæн сарæз-
той нывондхæссæн, цæмæй йыл, Хуыцауы
æвзæрст лæг Моисейы Æгъдауы куыд фыст
ис, афтæ иууылсудзинæгтæ судзой. 3 Кæд
æндæрбæстаг адæмтæй æдас нæ уыдысты,
уæддæр нывондхæссæн йæ бынаты сæвæрд-
той æмæ йыл иууылсудзинæгтæ, сæумæйы
æмæ изæры иууылсудзинæгтæ, судзын рай-
дыдтой Дунедарæджы номыл. 4 Æгъдау куыд
амыдта, афтæ скодтой Халагъудты бæрæгбон
æмæ, цас æмбæлы, уымæ гæсгæ æрвылбон
дæр хастой бæрæгбæрц иууылсудзинæгтæ.
5 Уæдæй фæстæмæ иудадзыг хæссын рай-
дыдтой æрвылбоны иууылсудзинаг нывонд,
хастой нывæндтæ алы мæйноджы дæр æмæ
Дунедарæджы алы сыгъдæг бæрæгбоны
дæр, уымæй уæлдай ма кувджытæй алчи-
дæр Дунедарæджы номыл хаста бархийы
нывæндтæ. 6 Æвдæм мæйы фыццаг бонæй
фæстæмæ иууылсудзинаг нывæндтæ хæссын
райдыдтой Дунедарæджы номыл, фæлæ Ду-
недарæджы Кувæндонæн йæ бындур æвæрд
нæма уыди. 7 Уымæ гæсгæ дурамайджытæ
æмæ хъæдгуыстгæнджытæн райдыдтой æв-
зист дæттын, сидойнæгтæн æмæ тирæгтæн
та — хойраг, нуазинаг æмæ оливæйы сой,
цæмæй Ливанæй Яффомæ кедры хъæд ласой,
Персы паддзах Киры бардзырдмæ гæсгæ.

8 Йерусалиммæ куы æрбацыдысты, Ху-
ыцауы хæдзармæ, уымæй афæдз рауади.
Дыккаг азы дыккаг мæйы Шеалтиелы фырт
Зоровавел, Иоцадакы фырт Йешуа æмæ сæ
иннæ æрвадæлтæ, сауджынтæ æмæ левиттæ
æмæ ма уыдонæй фæстæмæ, уацарæй чи
æрбаздæхти, уыдон иууылдæр Дунедарæ-
джы хæдзар аразынмæ бавнæлдтой. Ссæдз
азæй уæлæмæ кæуыл цæуы, ахæм левитты
та куыстытæм хъусдарджытæй сæвæрдтой.
9 Йешуа, йæ фырттæ æмæ йе ’фсымæртæ,
Кадмиел æмæ йæ фырттæ — Иудæйы бай-
зæддæгтæ, Дунедарæджы хæдзар саразынил
чи архайдта, уыдонмæ хъусдарджытæ сис-
ты. Афтæ Хенадады фырттæ дæр сæ левит
фырттæ æмæ æфсымæртимæ — уыдон дæр
систы хъусдарджытæ. 10 Аразджытæ Дунеда-
рæджы хæдзары бындур куы æрæвæрдтой,
уæд сауджынты сæ уазлæггады дарæсты,
хæтæлтимæ, стæй левитты, Асафы байзæд-
дæгты, цимбалтæ сæ къухы, афтæмæй сæ
бынæтты æрлæууын кодтой, цæмæй кад
кæной Дунедарæгæн, Израилы паддзах Да-
вид куыд амыдта, афтæ. 11 Уыдон-иу радыгай
ныззарыдысты, Дунедарæджы стаугæйæ
æмæ Йын кад кæнгæйæ:

«Хæрзаудæг у Уый,
Йæ хорзæхæй Израил хайджын у
æнустæм!»

Æмæ æппæт адæмы хъæлæс æрвнæрæгау
нæрыд. Иууылдæр кад кодтой Дунедарæгæн,
Йæ хæдзары бындур æвæрд кæй æрцыди,
уый тыххæй.

12 Раздæры Кувæндон чи æрæййæфта, уы-
цы сауджынтæ, левиттæ æмæ хæдзарвæн-
дæгты хистæртæй, зæрæдтæй бирæтæ, ног

Кувæндоны бындурмæ кæсгæйæ, æрдиаг
кодтой. Бирæтæ та сæ цин нæ урæдтой æмæ
æхсызгон хъæртæ кодта. 13Цин чи кодта
æмæ мæстæйдзагæй чи æрдиаг кодта, уый
зын равзарæн уыди: сæ иутæ дæр æмæ сæ
иннæтæ дæр хъæр кодтой хъæлæсыдзагæй,
æмæ сæ хъæр дардмæ хъуысти.

**4** Иудæ æмæ Бениамины знæгтæн сæ хъус-
тыл æрцыд, уацарæй чи æрбаздæхти, уыдон
Дунедарæджы, Израилы Хуыцауы хæдзар
аразынц, зæгъгæ. 2Зоровавел æмæ мыг-
гæгты хистæртæм æрбацыдысты æмæ сын
загътой: «Мах дæр уемæ Кувæндон араз-
дзыстæм, уымæн æмæ нæ Ассирийы паддзах
Есар-Хаддон ам куы ’рцæрын кодта, уæдæй
абонмæ мах дæр сымахау нæхи уæ Хуыцауыл
фæдзæхсæм æмæ Йын нывæндтæ хæссæм».
3Фæлæ сын Зоровавел, Йешуа æмæ Израилы
хæдзарвæндæгты иннæ хистæртæ загътой,
махæн, дам, уемæ аразгæ нæу хæдзар нæ Ху-
ыцауæн. Дунедарæгæн, Израилы Хуыцауæн,
мах нæхæдæг сараздзыстæм хæдзар, Персы
паддзах Кир нын куыд бафæдзæхста, афтæ.
4Уыйадыл уымы адæм иудейæгты размæ
цæлхдуртæ æвæрын райдыдтой, тæрсын
сæ кодтой æмæ сын сæ арæзтад къуылым-
пы кодтой. 5Цæмæй хъуыддагæй мацы ра-
уайа, уый тыххæй уынаффæгæнджытæн
гæртæмттæ лæвæрдтой. Афтæ кодтой, Кир
Персы паддзах куы уыди, уæд. Афтæ кодтой
Дарийы паддзахиуæджы райдайæны онг.
6Ксеркс куы сси паддзах, уæд та цъыфка-
лæнтæ фæфыстой Иудейы æмæ Йерусалимы
цæрджытыл.

7Артаксерксы заман дæр Бишлам, Митре-
дат, Тавел æмæ се ’мбæлттæ арамейаг дам-
гъæтæй ныффыстой Артаксерксмæ, Персы
паддзахмæ, арамейаг æвзагыл. 8Уынаф-
фæйы лæг Рехум æмæ нымæрдар Шимшай
Йерусалимы ныхмæ сæ иу фыстæджы афтæ
фыстой Артаксерксмæ: 9«Рехум, уынаффæ-
йы лæг, нымæрдар Шимшай æмæ сæ иннæ
æмкусджытæ — динайæгтæ, афарсатхæгтæ,
тарплайæгтæ, афарсатхæгтæ, аркевæгтæ,
вавилойнæгтæ, дегайæгтæ, еламæгтæ Шу-
шанæй, 10стæй хъомысджын æмæ цытджын
Ашшурбанипал уацары кæй райста, Самари-
йы сахарты æмæ доны фале иннæ сахарты
кæй æрцæрын кодта, уыцы адæмтæ, æмæ
афтæ дарддæр». 11Сæ фыстæджы мæнæ куыд
загъдæуыди: «Паддзах Артаксерксмæ, бирæ
цæра, — йæ цагъартæ, доны фале цæрджытæ,
æмæ афтæ дарддæр.

12Паддзах хъуамæ зона, йæ разæй рацæ-
уæг иудейæгтæ кæй æрбацыдысты махмæ
Йерусалиммæ æмæ ногæй аразынц ацы æнæ-
сæттон æмæ хъæхъхъаг сахар. Йæ къултæ
йын амайынц, йæ бындуртæ йын фидар
кæнынц. 13Паддзахæн хъуамæ зындгонд
уа: ацы сахар арæзт куы ’рцæуа æмæ йын
йæ къултæ амад куы фæуой, уæд уыдон нал-
дæр хъалон, налдæр фиддон, налдæр илци
фиддзысты, æмæ уый паддзахы къазнайæн
æнæмæнг зиан уыдзæни. 14Мах паддзахы
раз хæсджын кæй стæм, уымæ гæсгæ, ис-
чи паддзахæн зиан æрхæсса, уымæ кæсын
нæ бон нæу, æмæ йын, хабар куыд у, уый
хъусын кæнæм. 15Рафæлдахын кæн дæ фы-
дæлты зæрдылдарæн хабæртты чиныг æмæ
дзы бакæсдзынæ, Йерусалим, змæнтгæ чи
кæны, паддзæхтæн дæр æмæ бæстæйы алы
кæрæттæн дæр зиан чи хæссы, ахæм сахар
кæй у, уый. Рагæй-æрæгмæ дæр уисæн нæ
кæны æмæ дæрæнгонд дæр уый аххосæй
æрцыдис. 16Уымæ гæсгæ мах паддзахæн
хъусын кæнæм: ацы сахар фæстæмæ куы
рацаразой æмæ йæ къултæ куы сраевдз уой,
уæд-иу, доны фале дын цы исбон ис, ууыл
дæ къух ауигъ».

17Паддзах дзуапп арвыста уынаффæгæнæг
Рехуммæ æмæ нымæрдар Шимшаймæ, стæй
Самарийы æмæ доны фале иннæ сахарты
цæрæг сæ иннæ æмбæлттæм: «Дунейы фарн
уын æххуысгæнæг уæд!

18Уæ фыстæг мын лæмбынæг бакастысты.
19Мæ фæндонмæ гæсгæ сбæлвырд кодтой,
уыцы сахар рагæй-æрæгмæ дæр паддзæхты
ныхмæ растынмæ цæттæ кæй уыд æмæ-иу
дзы уымæ гæсгæ змæстытæ æмæ хъæлæба-
тæ кæй рауадис, уый. 20Йерусалимы уыдис,
доны фале æгасæй дæр кæй къухы уыди,
хъалонтæ, фиддонтæ æмæ илци фыст кæмæн
цыдис, ахæм домбай паддзæхтæ. 21Уæдæ аф-
тæ: бардзырд раттут, цæмæй уыцы адæм сæ
куыст ныууромой æмæ, цалынмæ мæнæй бар
лæвæрд нæ уа, уæдмæ уыцы сахар аразынмæ
мачиуал бавнала. 22Лæмбынæг кæсут, æнæ-
рхъуыдыйæ уæ мацы аирвæзæд. Паддзæхтæн
зиан цы хæссы, уый куынæг кæнын хъæуы».

23Паддзах Артаксерксы фыстæг Рехум
æмæ Шимшайыл се ’мбæлттимæ куыддæр
сæмбæлди, афтæ уыдон иудейæгтæм гæр-
зифтонгæй атындзыдтой Йерусалиммæ æмæ
сын сæ куыст баурæдтой.

**4:9** Ацы бынатæн ма ис ахæм æмбарынад дæр: фыццаг æртæ адæмыхатты бæсты – «тæрхоны лæгтæ, паддзахады барджынтæ æмæ стыр хицæуттæ». **4:14** Дзуттаг тексты: «мах хæрæм паддзахы галуаны цæхх». Уыцы заман-иу адæм бадзырд сфидар кæнынæн цæхх бахордтой.

[24]Афтæ Йерусалимы Хуыцауы хæдзар аразыны куыст æрлæууыд æмæ Персы паддзах Дарийы паддзахиуæджы дыккæгæм азмæ размæ нал ацыди.

**5** Фæлæ пехуымпартæ Аггей æмæ Захариа, Иддойы фырт, Израилы Хуыцауы тыххæй пехуымпар ныхас кодтой Иудейы æмæ Йерусалимы цæрæг иудейæгтæн.

[2]Уыйадыл Шеалтиелы фырт Зоровавел æмæ Иоцадакы фырт Йешуа, семæ, æххуыс сын чи кодта, Хуыцауы уыцы пехуымпартæ, афтæмæй Йерусалимы Хуыцауы хæдзар аразынмæ бавнæлдтой.

[3]Хуыцауы хæдзар аразынмæ бавнæлдтой, æмæ сæм Доны Евфраты фаллаг фарсы бæстыхицау Таттенай æмæ Шетар-Бознай се 'мбæлттимæ æрбацыдысты æмæ сæ бафарстой, чи уын бар радта, цæмæй ацы бæстыхай дарддæр аразат æмæ ацы къултæ кæронмæ амайат, зæгъгæ.

[4]Ноджы ма бафарстой: «Ацы агъуыст чи аразы, уыдоны нæмттæ цы хуыйнынц?» [5]Фæлæ иудейаг хистæртæн сæ Хуыцау æххуыс кодта, æмæ сæ нæ бахъыгдæрдтой. Хъуыддагмæ æркæсыны тыххæй уал Даримæ ныффыстой æмæ дзуапмæ æнхъæлмæ кастысты.

[6]Мæнæ бæстон, Евфраты фаллаг фарсы бæстыхицау Таттенай æмæ Шетар-Бознай се 'мбæлттимæ, цæугæдоны фаллаг фарс цæрæг афарсатхæгтимæ, паддзах Даримæ цы фыстæг арвыстой, уый мидис. [7]Цы фыстæг арвыстой, уым дзырдæуыди: «Паддзах Дарий алцыппæтæй дæр рæстмæ уæд!

[8]Паддзахæн хъусын кæнæм, мах кæй фæцыдыстæм Иудейы бæстæм æмæ Стыр Хуыцауы хæдзар кæй бабæрæг кодтам. Егъау дуртæй йæ кæнынц, дурæй амайынц къултæ, хъæдæрмæгæй дæр пайда кæнынц, афтæмæй. Куыст хæлофæй цæуы размæ, араздзжытæн дзæвгар æнтысы.

[9]Мах араздзжыты бафарстам, чи уын радта ацы агъуыст ногæй рацаразыны æмæ ацы къултæ самайыны бар, зæгъгæ, [10]сæ нæмттæй дæр сæ бафарстам, цæмæй сæ дæуæн фехъусын кæнæм æмæ дæм сæ хистæрты нæмттæ ныффыссæм.

[11]Араздзжытæ нын дзуапп радтой, мах, дам, стæм уæларв æмæ зæххы Хуыцауы лæггадгæнджытæ æмæ фæстæмæ аразæм, бирæ азты размæ Израилы стыр паддзах кæй арæзта æмæ арæзт кæй фæци, уыцы хæдзар. [12]Иуахæмы нæ фыдæлтæ уæларвон Хуыцауы сæхимæ смæсты кодтой, æмæ сæ Уый Вавилоны паддзах, халдейаг Навуходоносоры къухтæм радта. Уыйадыл Навуходоносор Хуыцауы хæдзар фехæлдта, адæмы та Вавилонмæ атардта.

[13]Фæлæ Кир Вавилоны паддзах куы сси, уымæн йæ фыццаг аз бардзырд радта, цæмæй Хуыцауы хæдзар фæстæмæ саразой. [14]Навуходоносор Йерусалимы Кувæндонæй кæй рахаста æмæ Вавилоны кувæндоны кæй сæвæрдта, уыцы сыгъзæрин æмæ æвзист мигæнæнтæ паддзах Кир уырдыгæй рахæссын кодта æмæ сæ, Иудейы бæстæйæн хицауæй кæй сæвæрдта, йæ ном Шешбаццар, уымæ радта. [15]Загъта йын, цæмæй уыцы мигæнæнтæ Йерусалимы Кувæндонмæ фæхæсса. Уадз æмæ, дам, Хуыцауы хæдзар фæстæмæ йæ бынаты сыræза.

[16]Уыцы Шешбаццар ацыди æмæ Хуыцауы хæдзарæн бындур сæвæрдта Йерусалимы. Уæдæй нырмæ Хæдзарыл архайд цæуы, æмæ арæзт нæма фæци. [17]Кæд паддзахæн фæндон уа, уæд уым, Вавилоны, паддзахæн цы чингуыты æвæрæндон ис, уым бацагурын кæнæд паддзах Киры уынаффæ æмæ нын, æцæгæйдæр радта Кир Хуыцауы ацы хæдзар аразыны бар Йерусалимы æви нæ, уый фехъусын кæнæд».

**6** Уыйадыл, Дарийы бардзырдмæ гæсгæ, сæ хæзнатæ кæм æфснайдтой, уым, Вавилоны, чингуыты æвæрæндоны, агурынтæ райдыдтой. [2]Фæлæ тухгæ чиныг ссардтой Екбатаны галуаны, Мидийы. Фыст дзы уыди:

«Зæрдыл дарынæн. [3]Паддзах куы сси, уымæн йæ фыццаг аз Кир бардзырд радта Йерусалимы Хуыцауы хæдзары тыххæй: нывæндтæ кæм хæссынц, уыцы ран ын бындур æвæрд æрцæуæд, æмæ дзы сыræзæд. Йæ бæрзæнд æмæ йæ уæрх уæнт фæйнæ æртиссæдз æлмæрины. [4]Стыр дуртæй æртæ рæнхъы рацамайæнт, хъæдæй — иу рæнхъ; аразынæн цы бахъæуа, уый — паддзахы къазнайы хардзæй. [5]Стæй Хуыцауы хæдзары сыгъзæрин æмæ æвзист мигæнæнтæ — Навуходоносор Йерусалимы Кувæндонæй кæй рахаста æмæ Вавилоны кæй балæууын кодта, уыдон — фæстæмæ ратгæ сты, алкæцы дæр дзы Хуыцауы хæдзары хъуамæ йæ фыццаг бынатыл сæмбæла.

[6]Уымæ гæсгæ сымах, Евфраты фале цы фæрсбæстæ ис, уымæн йæ бæстыхицау Таттенай, стæй Шетар-Бознай, уе 'мбæлттимæ, уыцы фæрсбæстæйы барджынтимæ, ацæут уырдыгæй. [7]Хуыцауы хæдзары арæзтад ма къуылымпы кæнут. Иудейы бæстыхицау æмæ иудейаг хистæртæ Хуыцауы хæдзар

саразӕнт йӕ раздӕры бынаты. 8Ӕз уын бар-
дзырд дӕттын: иудейаг хистӕртӕн ӕххуыс
кӕнут, цӕмӕй Хуыцауы хӕдзар фӕстӕмӕ
йӕ хуыз райса. Уыцы адӕмӕн паддзахы
исбонӕй — Евфраты фале цы фӕрсбӕстӕ ис,
уымӕн йӕ фиддонтӕй — ӕвӕстиатӕй хай
кӕнут, цӕмӕй куыст къуылымпы ма цӕуа.
9Уӕларвон Хуыцауы номыл иууылсудзинӕг-
тӕн родӕй, фырӕй, уӕрыккӕй цы бахъӕуа,
стӕй хорӕй, цӕххӕй, сӕнӕй, оливӕйы сойӕ
йерусалимаг сауджынтӕ цас зӕгъой, уый
бӕрц сын алы бон дӕр ӕнӕкъуылымпы-
йӕ лӕвӕрд цӕуӕд. 10Уыдон та Уӕларвон
Хуыцауӕн ӕхцон нывонд хӕссӕнт ӕмӕ
паддзах ӕмӕ йӕ фыртты цӕрӕнбон ӕмӕ
хорздзинадӕн кувӕнт. 11Ӕз уын зӕгъын:
мӕ бардзырды ныхмӕ чидӕриддӕр рацӕуа,
уымӕн йӕ хӕдзарӕй хъайван рафтаудзыс-
ты, зӕххы йӕ ныссадздзысты ӕмӕ йӕ уыцы
хъайваныл зӕгӕлтӕй ныххойдзысты. Йӕ
хӕдзарӕй та йын бырондон скӕндзысты.
12Ацы бардзырды ныхмӕ цы паддзах кӕнӕ
адӕм рацӕуой ӕмӕ Йерусалимы Хуыцауы
хӕдзарӕн зиан ракӕнынмӕ йӕ къух кӕмӕн
батаса, уыдоны баййафӕд, уыцы хӕдзар Кӕй
номыл у, уыцы Хуыцауы фыдӕх.

Ӕз, Дарий, дӕттын ацы бардзырд, ӕмӕ
хъуамӕ ӕнӕмӕнг ӕххӕстгонд ӕрцӕуа».

13Евфраты фале цы фӕрсбӕстӕ ис, уымӕн
йӕ бӕстыхицау Таттенай ӕмӕ Шетар-Бознай
се 'мбӕлттимӕ ӕнӕкъуылымпыйӕ паддзах
Дарийы бардзырд сӕххӕст кодтой. 14Иудейаг
хистӕртӕ архайдтой, Аггей ӕмӕ Захариа,
Иддойы фырт, пехуымпариуӕг куы кодтой,
уыцы заман, ӕмӕ сын бирӕ ӕнтысти. Хӕ-
дзар кӕронмӕ сарӕзтой Израилы Хуыцауы
фӕндонмӕ гӕсгӕ, стӕй Персы паддзӕхтӕ
Кир, Дарий ӕмӕ Артаксерксы бардзырдмӕ
гӕсгӕ. 15Хӕдзар арӕзт фӕцис адары мӕйы
ӕртыккаг бон. Уый уыди, Дарий паддзах
куы сси, уымӕн йӕ ӕхсӕзӕм аз.

16Израилӕгтӕ, сауджынтӕ ӕмӕ левиттӕ
ӕмӕ, уацарӕй чи ӕрбаздӕхти, уыдон иу-
уылдӕр райгӕ скуывтой Хуыцауы хӕдзарӕн.
17Ӕппӕт израилӕгты тыххӕй тӕригъӕды
нывондӕн ӕрхастой сӕдӕ галы, дыууӕсӕдӕ
фысы, цыппарсӕдӕ уӕрыччы. Дыууадӕс
нӕл сӕгъы та — Израилы хӕдзарвӕндӕг-
ты нымӕцмӕ гӕсгӕ. 18Цӕмӕй Хуыцауӕн
Йерусалимы лӕггад кӕной, уый тыххӕй
сауджынты, кӕмӕн цы ран ӕмбӕлы, уым
ӕрлӕууын кодтой, левитты та сӕ радмӕ гӕс-
гӕ, Моисейы чиныджы куыд амынд ис, афтӕ.

19Уацарӕй чи ӕрбаздӕхти, уыдон Куадзӕн
сбӕрӕг кодтой фыццаг мӕйы цыппӕрдӕсӕм
бон. 20Уымӕн ӕмӕ уӕдмӕ сауджынтӕ сӕхи
ссыгъдӕг кодтой, левиттӕ дӕр иууылдӕр
иу адӕймаджы хуызӕн сыгъдӕг уыдысты
ӕмӕ Куадзӕны нӕл уӕрыччытӕ аргӕвс-
той, уацарӕй чи ӕрбаздӕхти, уыдонӕн се
'ппӕтӕн дӕр, сауджынтӕн, се 'фсымӕртӕн
ӕмӕ сӕхицӕн. 21Нывонд фыдызгъӕлӕй
аходыдтой уацарӕй ӕрбаздӕхӕг израи-
лӕгтӕ ӕмӕ, бынӕттон адӕмты чъизитӕй
йӕхи аиуварсгӕнгӕйӕ ӕмӕ Дунедарӕгыл,
Израилы Хуыцауыл, йӕхи бафӕдзӕхсгӕйӕ
семӕ чи бамбал, ӕппӕт уыдон. 22Авд боны
цин кодтой Донгонд дзулты бӕрӕгбоныл.
Уымӕн ӕмӕ сын Дунедарӕг арфӕ ракодта,
Ассирийы паддзахы зӕрдӕ сӕм раздӕхта,
ӕмӕ сын уый йе 'ххуысы руаджы Израи-
лы Хуыцауы хӕдзар аразынмӕ сӕ къухтӕ
сфидар кодта.

7 Ацы хабӕртты фӕстӕ, Персы паддзах
Артаксерксы заман, Езра — Серайы, Аза-
риайы ӕмӕ Хилкиайы, 2Шаллумы, Цадокы
ӕмӕ Ахитувы, 3Амариайы, Азариайы ӕмӕ
Мерайоты, 4Зерахийы, Уззийы ӕмӕ Бук-
кийы, 5Авишуагъ, Пинхас ӕмӕ Елеазары
байзӕддаг, алчер Аароны фырт — 6рацыди
Вавилонӕй. Уый уыди динамонӕг, зыдта
Дунедарӕджы, Израилы Хуыцауы, лӕвӕрд
Моисейы ӕгъдау. Цыдӕриддӕр ӕм курди-
ат уыди, уыдон ын паддзах сӕххӕст кодта,
уымӕн ӕмӕ йыл Дунедарӕг, йӕ Хуыцау,
Йӕ арм дардта.

7Артаксеркс уӕд ӕвдӕм аз паддзахиуӕг
кодта. Езраимӕ ма Йерусалиммӕ чидӕртӕ
ацыдис Израилы дзыллӕйӕ, сауджынтӕ
ӕмӕ левиттӕй, зарӕггӕнджытӕ, дуаргӕстӕ
ӕмӕ Кувӕндоны кусджытӕй, 8уыдон Артак-
серксы заманӕн йӕ ӕвдӕм азы фӕндзӕм
мӕй бахӕццӕ сты Йерусалиммӕ. 9Фыццаг
мӕйы фыццаг бон рараст ис Езра Вавилонӕй
ӕмӕ фӕндзӕм мӕйы фыццаг бон бахӕццӕ
Йерусалиммӕ, уымӕн ӕмӕ йыл Хуыцау Йӕ
арм дардта. 10Уымӕн ӕмӕ Езра йӕхи сны-
вонд кодта Дунедарӕджы Ӕгъдау базонын
ӕмӕ ӕххӕст кӕнынӕн, Израилы дӕр уы-
цы Ӕгъдау фидар кӕнын ӕмӕ рӕстдзинад
амонынӕн.

11Паддзах Артаксеркс сауджын Езрайӕн,
динамонӕгӕн, Дунедарӕджы фӕдзӕхстытӕ
ӕмӕ Ӕгъдауыл Израилы ахуыргӕнӕгӕн цы
фыстӕг радта, уым дзырдӕуыди:

12«Ӕз, Артаксеркс, паддзӕхты паддзах,
сауджын Езрайӕн, Уӕларвон Хуыцауы ал-
цӕмӕй ӕххӕст Ӕгъдауыл ахуыргӕнӕгӕн,
ӕмӕ афтӕ дарддӕр, 13бафӕдзӕхстон, цӕмӕй,

мæ паддзахады Израилы адæм, сауджын-
тæ æмæ левиттæй чи ис, уыдонæй Йеру-
салиммæ кæйдæриддæр бафæнда, уыдон
ацæуой йемæ. 14Уымæн æмæ паддзах æмæ
йæ авд уынаффæгæнæджы дæу Иудей æмæ
Йерусалиммæ æрвитынц, дæ къухы чи ис,
дæ Хуыцауы уыцы Æгъдаумæ гæсгæ сæм
æркæсынмæ; 15Йæ цæрæнуат Йерусалимы
кæмæн ис, Израилы уыцы Хуыцауæн пад-
дзах æмæ йæ уынаффæгæнджытæ цы æвзист
æмæ сыгъзæрин мысайнæгтæ æрæвæрд-
той, 16уыдон, æгас Вавилоны цы æвзист æмæ
сыгъзæрин æрæмбырд кæнай æмæ æппæт
израилаг дзыллæ æмæ сауджынтæ сæ Хуы-
цауы хæдзарæн Йерусалимы барвæндæй цы
лæвæрттæ ракæной, уыдæттимæ иумæ бы-
натыл сæмбæлын кæнынмæ. 17Уымæ гæсгæ
уыцы æхцатæй æвæстиатæй балхæн галтæ,
фыстæ, уæрыччытæ, стæй, хойрагæй æмæ
нуазинагæй семæ кувинагæн цы ’мбæлы,
æппæт уыдæттæ æмæ сæ фæхæццæ кæн Йе-
русалиммæ, уæ Хуыцауы хæдзары нывонд-
хæссæнмæ. 18Æвзист æмæ ма сыгъзæринæй
цы баззайа, уымæй та, уæ Хуыцауы фæндæй,
дæу æмæ де ’фсымæрты цы бафæнда, уый са-
разут. 19Дæ Хуыцауы хæдзары лæггад кæны-
нæн дын лæвæрд цы мигæнæнтæ æрцыдис,
уыдон та сæвæр Йерусалимы Хуыцауы раз.
20Уымæй уæлдай ма дæ Хуыцауы хæдзарæн
хъæугæйыл цы банымайай, уыдон та дæтт
паддзахы хæзнадонæй. 21Æз, паддзах Ар-
таксеркс, Евфраты фале цы фæрсбæстæ ис,
уымæн йæ хæзнадартæн се ’ппæтæн дæр
фæдзæхсын: сауджын Езра, Уæларвон Хуы-
цауы Æгъдауыл ахуыргæнæг, цыдæриддæр
бадома, уый йын дæттут æвæстиатæй: 22æв-
зист — сæдæ таланты, мæнæу — сæдæ коры,
сæн — сæдæ баты, оливæйы сой — сæдæ баты,
цæхх та — цасдæриддæр бахъæуа, уый бæрц.
23Уæларвон Хуыцауы фæндон хъуамæ би-
ноныгæй æххæстгонд цæуа Йæ хæдзарæн,
цæмæй паддзахад, паддзах æмæ йæ фырттæ
Хуыцауы фыдæхæй хызт уой. 24Уымæй уæл-
дай ма уын хъуамæ зындгонд уа, Хуыцауы
уыцы хæдзары сауджынтæ, левиттæ, зарæг-
гæнджытæ, дуаргæстæ, Кувæндоны лæггад-
гæнджытæй никæуыл ис æвæрæн нæдæр
фиддон, нæдæр хъалон, нæдæр илци. 25Ды
та, Езра, хайджын кæмæй дæ, дæ Хуыцауы
уыцы æнæкæрон зондмæ гæсгæ хицæуттæ
æмæ тæрхонгæнджытæ равзар, Евфраты фале
цы фæрсбæстæ ис, уымæн йæ цæрджытæй,
дæ Хуыцауы Æгъдау чи зоны, уыдонæн се
’ппæтæн дæр тæрхон куыд хæссой, афтæ; чи
йæ нæ зоны, уыдонæн та йæ бацамонут. 26Дæ
Хуыцауы Æгъдау æмæ паддзахы закъон чи
не ’ххæст кæна, уыдонæн æвæстиатæй хæс-
сут марыны, фæтæрыны, æхцайы фиддоны
кæнæ ахæстоны бакæныны тæрхон».
27Кад уæд Дунедарæгæн, нæ фыдæлты Ху-
ыцауæн, Йерусалимы Дунедарæджы хæдзар
фæстæмæ йæ къахыл слæууыны хъуыды
паддзахы сæры Чи бауагъта! 28Паддзах æмæ
йæ уынаффæгæнджыты, паддзахы хъомыс-
джын æлдæртты хорзæх мын Чи радта! Ду-
недарæг, мæ Хуыцау, аудыдта мæныл, æмæ
уымæн фæныфсджын дæн æз æмæ Израилы
хистæрты дæр уымæн сразæнгард кодтон
мемæ цæуынмæ.

**8** Ранымайдзынæн, паддзах Артаксерк-
сы заман мемæ Вавилонæй чи рацыди,
уыцы мыггæгты хистæрты нæмттæ, сæ
хæдзарвæндæгтæ.

2 Пинхасы мыггагæй — Гершон;
Итамары мыггагæй — Даниил;
Давиды мыггагæй — Хаттуш 3(Шеха-
ниайы байзæддæгтæй);
Парошы мыггагæй — Захариа æмæ
йемæ, номхыгъды фыстмæ гæсгæ,
сæдæ фæндзай нæлгоймаджы;
4 Пахат-Моавы мыггагæй — Елйехоенай,
Зерахийы фырт, æмæ йемæ дыууæ-
сæдæ нæлгоймаджы;
5 Заттуйы мыггагæй Шеханиа, Йахази-
елы фырт, æмæ йемæ æртæсæдæ
нæлгоймаджы;
6 Адины мыггагæй — Эвед, Йоната-
ны фырт, æмæ йемæ фæндзай
нæлгоймаджы;
7 Еламы мыггагæй — Йесаиа, Ата-
лийы фырт, æмæ йемæ авдсæдæ
нæлгоймаджы;
8 Шефатийы мыггагæй — Зевадиа, Ми-
хаелы фырт, æмæ йемæ астсæдæ
нæлгоймаджы;
9 Йоавы мыггагæй — Овадиа, Йехиелы
фырт, æмæ йемæ дыууæсæдæ æст-
дæс нæлгоймаджы;
10 Банийы мыггагæй — Шеломит Йо-
сифеайы фырт, æмæ йемæ сæдæ
æхсай нæлгоймаджы;
11 Бевайы мыггагæй — Захариа, Бева-
йы фырт, æмæ йемæ дыууын аст
нæлгоймаджы;
12 Азгады мыггагæй — Йоханан, Хакка-
таны фырт, æмæ йемæ сæдæ дæс
нæлгоймаджы;
13 Адоникамы мыггагæй сæ кæс-
тæртæ — Елифелет, Йеиел æмæ

Шемайа — æмæ семæ æхсай
нæлгоймаджы;
14 Бигвайы мыггагæй — Утай æмæ
Заккур æмæ семæ æвдай
нæлгоймаджы.
15 Ахавайы сахармæ цы цæугæдон кæлы,
уый былгæрон сæ æрæмбырд кодтон. Æртæ
боны уым фæлæууыдыстæм. Адæм æмæ сау-
джынты ’хсæн Левийы байзæддæгтæй куы
никæй федтон, 16 уæд хистæртæм — Елиезер,
Ариел, Шемайа, Елнатан, Йарив, Елнатан,
Натан, Захариа æмæ Мешулламмæ æмæ
ахуыргæндтæм — Йоарив æмæ Елнатанмæ —
фæдзурын кодтон. 17 Арвыстон сæ Иддомæ,
Касифиайы бæстыхицаумæ, цæмæй йе ’фсы-
мæртæн, Кувæндоны уымы цæрæг кусджы-
тæн, зæгъа æмæ нын нæ Хуыцауы хæдзарæн
лæггадгæнджытæ æрбарвитой. 18 Нæ Хуыца-
уы хорзæх нæ уыди, æмæ нæм æрбакодтой иу
æмбаргæ израиладжы — Махлийы байзæд-
дæгтæй, левиттæй, йæ ном — Шеревиа, йæ
фырттæ æмæ æфсымæртимæ, æдæппæтæй
æстдæс адæймаджы; 19 Хашавиайы, стæй
Йесаиайы — Мерарийы байзæддæгтæй, йе
’фсымæртæ æмæ уыдоны фырттимæ, æдæп-
пæтæй ссæдзы; 20 уыдонимæ — Давид æмæ
йæ æлдæрттæ левиттæн лæггадгæнæгæй
кæй сæвæрдтой, Кувæндоны уыцы кусджы-
тæй — дыууæсæдæ дыууын, иууылдæр фыст
æрцыдисты номхуындæй. 21 Уыйадыл уым,
Ахавайы цæугæдоны был, æз комдарæн
расидтæн, нæ Хуыцауæн коммæгæс кæй
стæм, уый равдисынæн æмæ Йæм скуывтон,
цæмæй нæ æд исбон рæствæндаг фæкæна
нæ цотимæ. 22 Æз мæ сæрмæ уый не ’рхастон,
æмæ паддзахæй ракурон, цæмæй нын немæ,
фæндагыл нæ фыдгултæй бахизыны тыххæй,
хъахъхъæнджытæ рарвита. Уымæн æмæ,
паддзахимæ куы дзырдтам, уæд ын нæ ны-
хас уыди: нæ Хуыцауыл йæхи чи фæдзæхсы,
уыдоныл Уый Йæ хæрзаудæг арм дары, йæхи
Йыл чи атигъ кæны, уыдоны та Йæ азары хай
бакæны. 23 Цыбыр дзырдæй, мах ком дардтам
æмæ нæ Хуыцаумæ куывтам, æмæ Йæм нæ
куывд фехъуысти. 24 Сауджынты хистæртæй
дыууадæсы равзæрстон: Шеревиа, Хашавиа
æмæ ма уыдонимæ се ’рвадæлтæй нодæжы
дæс адæймаджы. 25 Нæ Хуыцауы хæдзары
номыл нæм мысайнаджы охыл цыдæрид-
дæр æрцыдис — æвзист, сыгъзæрин æмæ
мигæнæнтæ — уыдон сæм барст-нымадæй
радтон: паддзахы, йæ уынаффæгæнджытæ
æмæ йе ’лдæрттæ, стæй уымы израилæгтæн
се ’ппæты лæвæрттæ. 26 Барст-нымадæй сын
сæ радтон сæ къухтæм: æвзист — æхсæзсæдæ
фæндзай таланты; æвзист мигæнæнтæ —
сæдæ таланты уæзæн; сыгъзæрин — сæдæ
таланты; 27 ссæдз сызгъæрин кæхцы — мин
драхмæйы аргъ æмæ, сыгъзæрины аргъ
кæмæн ис, ахæм æрттиваг æрхуыйæ конд
дыууæ мигæнæны. 28 Загътон сын: сымах —
Дунедарæджы нывонд, мигæнæнтæ — Йæ
мысайнæгтæ; æвзист æмæ сыгъзæрин — бар-
хи лæвæрттæ Дунедарæгæн, нæ фыдæл-
ты Хуыцауæн. 29 Уæдæ сæ цæсты гагуыйау
хъахъхъæнут, цалынмæ сæ сауджынтæ æмæ
левитты хистæртæм æмæ Израилы мыггæг-
ты хистæртæм Йерусалимы, Дунедарæджы
хæдзары, хæзнадонмæ барст-нымадæй рат-
тат, уæдмæ. 30 Сауджынтæ æмæ левиттæ
барст-нымадæй райстой æвзист, сыгъзæрин
æмæ мигæнæнтæ, цæмæй сæ Йерусалиммæ
нæ Хуыцауы хæдзармæ фæхæццæ кæной.
31 Уыйадыл Ахавайы цæугæдоны былæй
араст стæм фыццаг мæйы дыууадæсæм бон
æмæ нæ фæндаг адардтам Йерусалиммæ.
Нæ Хуыцау ныл Йæ арм дардта — Уый-иу
нæ фервæзын кодта знæгтæй, стæй-иу нæ
размæ чи бабадти, уыдонæй. 32 Афтæмæй
æрбахæццæ стæм Йерусалиммæ. Æртæ боны
куы рацыдис, уæд, 33 цыппæрæм бон, æвзист
дæр, сыгъзæрин дæр, мигæнæнтæ дæр барст-
нымадæй нæ Хуыцауы хæдзармæ фæхæццæ
кодтам. Къухæй-къухмæ сæ барст-нымадæй
радтам сауджын Меремотмæ, Уриайы фырт-
мæ, стæй левиттæм — Пинхасы фырт Елеазар,
Йешуайы фырт Йозавад æмæ Биннуйы фырт
Ноадиамæ. 34 Алцыдæр — барст-нымадæй.
Цыдæриддæр сбарстой æмæ банымадтой,
уыдонæн иумæйагæй сæ уæз уайтæккæ
ныффыстой.
35 Уацарæй чи æрыздæхт, уыдон æппæт
израилæгты номæй Израилы Хуыцауæн
иууылсудзинаг нывæндтæ æрхастой: гал-
тæ — дыууадæс, фыстæ — нæуæдз æхсæз,
уæрыччытæ — авдсæдæ авд, тæригъæды
нывондæн — дыууадæс нæл сæгъы.
36 Паддзахы бардзырд фехъусын кодтой
паддзахады барджынтæн æмæ доны фале
цæрæг бынæттон хицæуттæн, æмæ уыдон
баххуыс кодтой израилæгтæн æмæ Хуыцауы
хæдзары æнцой лæууыдысты.

**9** Уый фæстæ мæм хистæртæ æрбацыдысты
æмæ мын загътой, израилæгтæ æмæ сау-
джынтæ æмæ левиттæ æндæр адæмтимæ —
ханаанæгтæ, хеттæгтæ, периззæгтæ, йеву-
сæгтæ, аммонæгтæ, моавæгтæ, мысырæгтæ
æмæ аморæгтимæ — æмдзæхтон кæнынц,
се ’гъдæуттыл сын ныххæцыдысты, зæгъгæ.

2Уый та уымæн афтæ у, æмæ сæхицæн дæр
æмæ сæ фырттæн дæр бинонтæ уыдоны
сылгоймæгтæй хæссынц æмæ нын афтæмæй
æндæр адæмтимæ нæ сыгъдæг туг хæццæ
кæнынц. Уыцы æнæуаг хъуыддаджы та, дам,
æппæты разæй дзыллæйы хæрзæджытæ
æмæ хистæртæ фесты.
3Уыцы ныхас куы фехъуыстон, уæд мæ да-
рæстæ, æддагæй-мидæггагæй, фыр адæргæй
арæдывтон фæйнæрдæм, мæ сæрыхъуынтæ
æмæ боцъотæ тыдтон. Цавддурау бадтæн,
4афтæмæй, лигъдæтты æнаккаг миты тых-
хæй Израилы Хуыцауы азарæй æдас чи нæ
уыди, уыдон иууылдæр мæ алыварс æрбам-
бырд сты. Изæры нывонд хæссыны афонмæ
мæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодтон.
5Изæры нывонд хæссыны афон мæ хъынцъы-
мы бынатæй сыстадтæн, æддагæй-мидæгга-
гæй бызгъуыр чи фестади, мæ уыцы дарæсы
мæ зонгуытыл æрхаудтæн æмæ Дунедарæг-
мæ, мæ Хуыцаумæ, мæ къухтæ сивæзтон: 6«О
мæ Хуыцау! Фыр къæмдзæстыгæй Дæм мæ
цæсгом равдисын дæр куынæуал уæндын,
уымæн æмæ не 'наккаг митæ нæ сæрæй
фæуæлдæр сты æмæ нæ азым уæларвмæ
схæццæ ис. 7Фыдæлтæй нырмæ нæ азым
стыр у; не 'нæгъдау миты тыххæй баистæм
мæнæ абон нæхæдæг дæр, нæ паддзæхтæ
дæр, нæ сауджынтæ дæр æндæрбæстаг пад-
дзæхты амæттаг, сæ кардылæфтыдæй ныл
сыгъд æмæ уырыд уацайраджы аллайаг бон
уый тыххæй акодта. 8Фæлæ нын чысыл фæс-
тæдæр Дунедарæг, нæ Хуыцау, батæригъæд
кодта, кæйдæрты нæ мæлæтæй бахызта æмæ
нæ Йæ рухс хæдзары цур æрцæрын кодта.
Нæ цæстытæй нæ ракæсын кодта æмæ нын
нæ цагъары уавæры дæр иу чысыл нæхиуыл
схæцыны фадат радта. 9Кæд цагъартæ стæм,
уæддæр нæ рохуаты нæ ныууагъта нæ Хуы-
цау. Схайджын нæ кодта Персы паддзæхты
хорзæхæй, æмæ нын уыдон фадат радтой не
уæнгтæ айтынг кæнынæн, сæ арм ныл дард-
той Иудей æмæ Йерусалимы, цæмæй мах
нæ Хуыцауы хæлд хæдзар ногæй саразæм.
10Уыдæтты фæстæ ныр цы хъуамæ зæгъæм
мах, нæ Хуыцау, Дæ фæдзæхстытæ дын куы
ферох кодтам?! 11Дæ фæдзæхстытæ Ды ма-
хæн фехъусын кодтай Дæ кувæг пехуымпар-
ты фæрцы æмæ дзырдтай: „Байсынмæ цы
зæхмæ цæут, уый сыгъдæг нæу, сæ чъизитæй
йæ фелгъаг кодтой æндæрмыггаг адæмтæ, се
'лгъаг митæй æмыдзаг у йæ иу кæронæй йæ
иннæ кæронмæ. 12Уæ чызджыты сын сæ лæп-
путæн ма дæттут, сæ чызджыты та сын уæ
лæппутæн ма курут. Уыцы зæххыл цæмæй
æрфидар уат æмæ уын йæ хорзæхтæй хай уа,
цæмæй йæ уæ байзæддæгтæн мыггагмæйы
исбонæн ныууадзат, уый тыххæй уæ уымы
адæмы сæр ничердæм хъæуы“. 13Не 'взæр
хъуыддæгты æмæ стыр азымы тыххæй нæ
кæд Дæ азар баййæфта, уæддæр нын Ды, нæ
Хуыцау, батæригъæд кодтай æмæ нын не
'наккаг миты бæрц нæ фæдæ. 14Æмæ ма уы-
дæтты фæстæ, ау, Дæ фæдзæхстытæ ногæй
халдзыстæм æмæ уыцы æлгъаг адæмтимæ
хæстæгиуæг кæндзыстæм? Æмæ нæм уæд
бындзагъд ныккæныны онг не смæсты уы-
дзынæ, аирвæзæг дæр нæ куыннæуал уа æмæ
нын аирвæзæн дæр куыннæуал уа, афтæ?
15Дунедарæг, Израилы Хуыцау! Æнаипп
Дæ Ды! Уымæн æмæ мах абоны онг сæрæ-
гас стæм æмæ не 'наккаг митимæ Дæ разы
лæууæм, афтæмæй та нын ахæм миты фæстæ
хъуамæ Дæ разы лæууæн ма уаид».

**10** Цалынмæ Езра, зæххыл ныддæлгом ис,
афтæмæй Хуыцауы раз куыдта æмæ тæри-
гъæдтæ æргом кодта, уæдмæ йæ алыварс
æрæмбырд ис бирæ адæм — израилæгтæ
нæлгоймагæй, сылгоймагæй, сывæллонæй —
æмæ уыдон дæр куыдтой æмæ дзынæзтой.
2Уæд Еламы байзæддæгтæй иу, Шеханиа,
Йехиелы фырт, Езрайæн загъта: «Нæ Хуыца-
уы раз фыдгæнæг стæм, уымæн æмæ зæххы
цъары алы адæмтæй устытæ фæкуырдтам,
фæлæ Израилæн уыцы хъуыддаджы нырма
йæхи сраст кæнæн ис. 3Бавдæлæм æмæ нæ
Хуыцауимæ бафидауæм æмæ дæ фæндæй,
нæ хистæр, æмæ, Хуыцауы фæдзæхстытæ
йæ зæрдæйы арф æвæрд кæмæн сты, æппæт
уыдоны фæндæй нæ уыцы устыты æмæ, кæй
нын ныййардтой, уыцы сывæллæтты иу-
уылдæр нæхицæй арвитæм. Æгъдау куыд
амоны, афтæ фæуæд! 4Уæдæ сыст уæлæмæ,
хъуыддаг дæуæй аразгæ у, æмæ мах дæр
дæумæ кæсæм: цырд фæлæуу æмæ февнал!»
5Езра бавдæлд æмæ сауджынты, левитты
хистæртæн æмæ æппæт израилæгтæн загъта,
цæмæй ард бахæрой, æцæгдæр афтæ кæй
бакæндзысты, уый тыххæй, æмæ уыдон ард
бахордтой. 6Сыстади Езра Хуыцауы хæдзары
цурæй, Елиашивы фырт Йоханаы хæдзармæ
бацыд æмæ йе 'хсæв уым арвыста. Къæбæр
дæр дзы нæ бахордта, дон дæр дзы нæ ба-
нуæзта: æрбалидзджыты фыдракæндыл
марой кодта.
7Уæдмæ æгас Иудей æмæ Йерусалимы
фехъусын кодтой, уацары чи уыди, уыдон
Йерусалиммæ куыд æрæмбырд уой. 8Æртæ
бонмæ чи нæ фæзына, уымæн хицæуттæ

æмæ хистæрты фæндонмæ гæсгæ йæ ис-
бон æнæхъæнæй ист æрцæудзæн, йæхи-
уыл та йын æрбалидзджыты ’хсæн хъоды
бакæндзысты.
9Иудей æмæ Бениамины цæрджытæ иу-
уылдæр æртæ бонмæ, фарæстæм мæйы ссæ-
дзæм бон, æрбамбырд сты Йерусалиммæ.
Адæм бадтысты Хуыцауы хæдзары цур фæзы.
Хъуыддагыл катайæ дæр адæргæй гæвз-гæвз
кодтой, къæвдайæ дæр рызтысты.
10Сыстади Езра, сауджын, æмæ загъта:
«Æндæрмыггаг сылгоймæгты кæй ракуырд-
тат, уый уын фыдракæнд уыди, æмæ аф-
тæмæй Израилы азымы баппæрстат. 11Уый
тыххæй хатыр ракурут Дунедарæгæй, уæ
фыдæлты Хуыцауæй, æмæ йын сæххæст
кæнут Йæ фæндон: ахицæн ут дунейы иннæ
адæмтæй æмæ уе ’ндæрмыггаг устытæй».
12Æмбырды адæм æмхъæлæсæй схор-хор
кодтой: «Ды куыд зæгъыс, афтæ бакæн-
дзыстæм, 13Фæлæ ам бирæ адæм ис, æмæ
сын уынджы æрлæууæн нæй, уымæн æмæ
рæстæг къæвдаджын у. Хъуыддагæн та иу
кæнæ дыууæ бонмæ алыггæнæн нæй: нæ
тæригъæдтæ бирæ сты. 14Фæлтау æппæт
адæмы бæсты нæ хицæуттæ æрбамбырд
уæнт, æмæ, æндæрмыггаг устытæ чи раку-
ырдта, уыдон иууылдæр нысангонд рæстæг
ардæм цæуæнт, алкæмæн дæр дзы йемæ йæ
сахары хистæртæ æмæ тæрхонгæнджытæ,
афтæмæй, цалынмæ нæ уыцы хъуыддаджы
тыххæй Хуыцауы карз фыдæхæй схицæн
уæм, уæдмæ».
15Ныхмæ рацыдысты æрмæст Йонатан,
Асаелы фырт, æмæ Йахзе, Тиквайы фырт.
Уыдоны фарс ма рахæцыдысты Мешуллам
æмæ Шабтай-левит дæр. 16Афтæ ацыд уаца-
рæй æрбаздæхджыты хъуыддаг. Езра-сау-
джын алы хæдзарвæндагæн дæр йæ хистæры
равзæрста, се ’ппæтмæ дæр номхуындæй
фæдзырдта. Æвзæрст лæгтæ хъуыддагмæ
æркæсыны тыххæй дæсæм мæйы фыццаг
бон æрæмбырд сты. 17Йæ бинойнаг æндæр
адæмæй кæмæн уыди, уыцы израилæгты
сбæлвырд кодтой фыццаг мæйы фыццаг
бонмæ.
18Сауджынты фырттæй æндæрмыг-
гаг бинойнæгтæ кæмæн разынди, уыдон
уыдысты:

Иоцадакы фырт Йешуа æмæ йе ’фсы-
мæрты лæппутæ — Маасеа, Елиезер,
Иарив æмæ Гедалиа.
19Уыдон сæ къухтæ радтой, сæ усты-
тимæ кæй ахицæн уыдзысты æмæ
фæйнæ фысы фиддоны нывондæн
кæй æрхæсдзысты, уый тыххæй;
20Иммеры фырттæй — Ханани æмæ
Зевадиа;
21Харимы фырттæй — Маасеа, Илийа,
Шемайа, Йехиел æмæ Узийа;
22Пашхуры фырттæй — Елйоенай, Маа-
сеа, Измаел, Нетанел, Йозавад æмæ
Еласа;
23левиттæй — Йозавад, Шими æмæ
Келайа — Келита дæр æй хонынц,
Петахиа, Иудæ æмæ Елиезер;
24зарæггæнджытæй — Елиашив; дуар-
гæстæй — Шаллум, Телем æмæ Ури;
25Израилы адæмæй: Парошы фырт-
тæй — Рамиа, Иззиа, Малкиа, Миа-
мин, Елеазар, Малкиа æмæ Бенайа;
26Еламы фырттæй: Маттаниа, Захариа,
Йехиел, Авди, Йеремот æмæ Илийа;
27Заттуйы фырттæй: Елйоенай, Ели-
ашив, Маттаниа, Йеремот, Завад
æмæ Азиза;
28Бевайы фырттæй: Йоханан, Хананиа,
Заббай æмæ Атлай;
29Банийы фырттæй: Мешуллам, Маллух,
Адайа, Йашув, Шеал æмæ Йеремот;
30Пахат-Моавы фырттæй: Адна, Келал,
Бенайа, Маасеа, Маттаниа, Бецалел,
Биннуй æмæ Менассиа;
31Харимы фырттæй: Елиезер, Ишшиа,
Малкиа, Шемайа, Шимон, 32Бениа-
мин, Маллух, Шемариа;
33Хашумы фырттæй: Маттенай,
Маттата, Завад, Елифелет, Йеремай,
Менассиа æмæ Шими;
34Банийы фырттæй: Маадай, Амрам
æмæ Уэл, 35Бенайа, Бедеа, Келуху,
36Ванеа, Меремот, Елиашив, 37Мат-
таниа, Маттенай, Йаасай.
38Биннуйы мыггагæй — Шими, 39Ше-
леми, Натан, Адайа, 40Махнадвай,
Шашай, Шарай, 41Азарел, Шелеми,
Шемариа, 42Шаллум, Амариа æмæ
Йосеф;
43Невойы фырттæй: Йеиел, Маттитиа,
Завад, Зевина, Йаддай, Иоел æмæ
Бенайа.
44Адонæн се ’ппæтæн дæр сæ устытæ уы-
дысты æндæр адæмтæй. Иуæй-иутæн дзы
уыди сывæллæттæ.

# Неемиайы чиныг

Ацы чиныг дарддæр хæццæ кæны Езрайы чиныджы темæ — дзуттаг æхсæнады ног райрæзт Иудейы, израилæгтæ вавилойнаг уацарæй куы ’рбаздæхтысты, уый фæстæ. Фæлæ кæд Езра сауджын æмæ динамонæг уыдис, уæд Неемиа та — политикон раздзог æмæ иугæнæг. Уымæ гæсгæ Йерусалимы сахар æмæ Кувæндон ногæй рацаразынæн хъуыдис сæ дыууæйы иумæйаг архайд.

Кæд дзуттаг Неемиа персайнаг паддзахы сæйраг сахары нымад лæг уыди, уæддæр йæ зæрдæйы сыгъди уарзондзинад Хуыцаумæ æмæ йæ адæммæ. Йе ’мтуг адæм Иудейы цы æдзæллаг уавæры сты, уый куы базыдта, уæд паддзахæй ракуырдта Йерусалиммæ аздæхыны бар, цæмæй сахар ногæй арæзт æрцæуа (1:1–2:10). Паддзах сразы ис æмæ йын, уымæй уæлдай, нодж стырдæр бартæ радта. Неемиа Йерусаиммæ æрыздæхт Иудейы æххæстбарджын хицауæй, израилæгты сразæнгард кодта сахары систæ æмæ кулдуар саразынмæ, цæмæй æдас уа, знаджы зæрдæ йæм чи дары, уыцы сыхаг адæмтæй (2:11–7:72). Æмæ сæм кæд уыцы адæмтæ ныхмæ лæууыдысты, стæй дзуттæгтæн сæхи æхсæн дæр мидбыцæутæ цыди, уæддæр Неемиа сæххæст кодта йæ нысан, йæ къухы бафтыди дзуттаг адæмы политикон æмæ динон цард сæндидзын (8–13 сæртæ).

---

**1** 1-2 Хакалиайы фырт Неемиа загъта. Кис-
левы мæйы, Артаксеркс ссæдзæм аз паддза-
хиуæг куы кодта, уæд, æз уыдтæн Шушаны
сахары фидары, æмæ мæм ме ’фсымæртæй
иу, Ханани, цалдæр иудейагимæ ’рбацыди.
Æз сæ бафарстон, уацары чи нæ уыди, уыцы
иудейæгтæй ма æгас чи уыди, уыдоны, стæй
Йерусалимы тыххæй. 3 Уыдон мын загътой,
уацары чи нæ бахауди, уыдон, дам, уым,
сæ бæстæйы, удæгас бæргæ сты, фæлæ сæ
фыр æдзæллаг æмæ æгадæй арвмæ асинтæ
æвæрынц; Йерусалимы къул дæрæнгонд
æрцыди, йæ кулдуæрттæ та арты хай баисты.
4 Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, æз сбадтæн
æмæ никкуыдтон, цалдæр боны хъынцъым
кодтон, ком дардтон æмæ куывтон уæлар-
вон Хуыцаумæ: 5 Дунедарæг, уæларвон Ху-
ыцау, цытджын æмæ тасæфтауæг, фидыд
зæрдыл дарæг, чи Йæ уарзы æмæ Йын Йæ
фæдзæхстытæ чи æххæст кæны, уыдонæн
фарн дæттæг Хуыцау! 6 Байхъус мæм лæм-
бынæг, Дæ цæстытæй мæм æркæс æмæ мын
айс мæ куывд! Бон дæр æмæ æхсæв дæр
Дæумæ у ме скаст, æмæ саккаг кæн: батæ-
ригъæд кæн израилæгтæн, ныххатыр нын
кæн, æз дæр æмæ мæ фыды хæдзар дæр Дæ
разы цы тæригъæдты бацыдыстæм, уыдон!
7 Мах тæригъæд ракодтам Дæ разы æмæ, Дæ
цагъар Моисейæн кæй бафæдзæхстай, уыцы
фæдзæхстытæ, уагæвæрдтæ æмæ æгъдæут-
тæ не ’ххæст кодтам. 8-9 Фæлæ ма Дæ зæрдыл
æрлæууын кæн, Дæ цагъар Моисейæн кæй
загътай, уыцы ныхас — гадзрахатæй, дам,
куы рацæуат Мæныл, уæд уæ Æз ныххæ-
лиу кæндзынæн адæмты ’хсæн; кæд æмæ
Мæм фæстæмæ раздæхат æмæ Мын Мæ
фæдзæхстытæ уæ зæрдыл дарат æмæ сæ
æххæст кæнат, уæд та уæ арвы кæрæттæй
дæр иумæ æрбамбырд кæндзынæн æмæ уæ
Ме ’взæрст бынатмæ æркæндзынæн, цæмæй
дзы Мæ ном æрцæра. 10 Дæ цагъартæ æмæ
Дæ адæм куы сты, Де стыр хъару æмæ Дæ
хъомысджын къухы фæрцы кæй фервæзын
кодтай, уыдон! 11 Дæумæ кувын, Дунедарæг!
Фехъуысæд Дæм Дæ цагъары куывд æмæ, Дæ
номæн Дын кад чи кæны, Дæ уыцы цагъарты
куывд! Дæ рæстаудæнæй мæ фæхайджын
кæн, ацы адæймаджы хорзæх мын ратт.

(Уыцы заман æз дзагдар уыдтæн
паддзахæн.)

**2** 1-2 Уый уыд Артаксерксы паддзахиуæгады
ссæдзæм азы, нисаны мæйы. Паддзахы раз
сæн уыди. Æз дзы кæхцы æркодтон æмæ
йæм æй балæвæрдтон. Паддзах мæ уымæй
размæ æнкъардæй никуы федта, æмæ мын
загъта: «Цæуыл æнкъард дæ? Рынчын нæ дæ,
уый бæрæг у, фæлæ, бæлвырд, дæ зæрдæйы
цыдæр хъыг ис». Мæнæн мæ уд фæтахти.
3 Загътон паддзахæн: «Æнустæм нын цæра
паддзах, куыннæ уон æнкъард, кæд æмæ,
мæ фыдæлты ингæнтæ кæм сты, уыцы са-
хар гæныстонæй лæууы, йæ кулдуæрттæ та
арты хай баисты!»

4-5Паддзах мæ бафарста: «Æмæ дæ куыд
фæнды?» Æз мæхинымæр уæларвон Хуы-
цаумæ скуывтон æмæ загътон паддзахæн:
«Паддзах цæра, кæд ын фæндон у æмæ мæ
йæ хорзæх ис, уæд мæ арвитæд Иудеймæ,
мæ фыдæлты ингæнтæ кæм сты, уыцы са-
хармæ, æмæ йæ ногæй саразон». 6Уæд та мæ
паддзах æмæ йæ ус-паддзах — уый дæр йæ
фарсмæ бадти — бафарстой: «Цас рæстæг
бафæстиат уыдзынæ фæндагыл æмæ фæс-
тæмæ кæд æрбаздæхдзынæ?» Æз æмгъуыд
куы загътон, уæд паддзах сразы ис. 7Æз ын
загътон: «Иугæр мæ ацыд паддзахæн фæн-
дон у, уæд мын æххæст Цæугæдоны фаллаг
фарсы бынæттон хицæуттæм ныффыссæд,
цæмæй мæ Иудеймæ фæндагыл мачи ба-
къуылымпы кæна. 8Стæй мын ныффыссæд
паддзахы хъæдгæс Асафмæ, цæмæй мын
хъæдæрмæг радта Хуыцауы хæдзары гæнах,
сахары къултæ æмæ, кæм цæрдзынæн, уыцы
хæдзары кулдуæртты фаг». Ныффыста мын
паддзах гæххæтт, уымæн æмæ мыл Хуыцау
йæ хæрзаудæг арм дардта. 9Æз, Евфраты фа-
ле цы фæрсбæстæ ис, уымæн йæ хицæуттыл
паддзахы фыстæджытæ сæмбæлын кодтон.
Паддзах мын мемæ æфсæддон хицæуттæ
дæр рарвыста æд барджытæ.
10Ацы хабæрттæ хоронаг Санбаллат, Са-
марийы бæстыхицау, æмæ Тобиа, аммонаг
бæрнон, куы фехъуыстой, уæд сын тынг
фæхъыг, израилæгтæн, чи сыл ауда, ахæм
чидæр кæй фæзынди, уый. 11Йерусалиммæ
æрбацыдтæн æмæ дзы æртæ боны фæдæн.
12Сыстадтæн æхсæвыгон, мемæ чи уыди, уы-
цы цалдæр адæймаджы дæр рабадын кодтон.
Хуыцауы фæндæй мæ зæрды Йерусалимæн
цы саразын уыди, уый зæгъгæ дæр никæмæн
кодтон. Цы хайуаныл æрбацыдтæн, уымæй
уæлдай мемæ фосæй ницы уыди. 13Æхсæвы
цæстæй Дæлвæзы кулдуарыл рацыдтæн
сахарæй, Залиаг калмы суадоны цурты хус-
сарæрдæм атындзыдтон æмæ дарддæр мæ
ных Фаджыскалæн кулдуармæ сарæзтон.
Йерусалимы пырх къултæ æмæ сыгъд кул-
дуæрттæ фæрауын-бауын кодтон. 14Сахары
хуссаргæрæтты цæгатæрдæм адардтон Суа-
доны кулдуар æмæ Паддзахы донмарæнмæ,
фæлæ сисы кæлдтытыл мæ хайуанæн уым
фаллаг фарсмæ ахизæн нæ уыд. 15Раздæх-
тæн Кедроны дæлвæзыл талынджы, сисмæ
фæкæстытæ кодтон æмæ Дæлвæзы кулдуа-
рыл фæстæмæ æрбацыдтæн. 16Иу хицау дæр
нæ зыдта, кæм уыдтæн æмæ цы гæнæг дæн,
уый: нæдæр иудейæгтæн, нæдæр сауджын-
тæн, нæдæр уæздæттæн, нæдæр хицæуттæн,
нæдæр иннæ кусджытæн уæды онг исты
ской кодтон.
17Загътон сын, цы бæллæхы бахаудтам,
уый уæхæдæг уынут, зæгъгæ: Йерусалим
гæныстон фæци, йæ кулдуæрттæ арты хай
баисты. Уæдæ бавдæлæм, æмæ йын йæ къул
самайæм, цæмæй нырау æгад мауал уæм фи-
дæны. 18Радзырдтон сын, мæ Хуыцау мыл Йæ
рæстаудæг арм кæй дары, уый тыххæй, стæй
сын паддзахы ныхæстæ дæр рафæзмыдтон.
Уыдон загътой: «Аразынмæ бавналæм», æмæ
фарны хъуыддагмæ сæхи рацæттæ кодтой.
19Уыдæттæ фехъусгæйæ ныл хоронаг Сан-
баллат æмæ Тобиа, аммонаг бæрнон, стæй
араббаг Гешем былысчъилæй худтысты: «Цы
митæ кæнут, цымæ? Мыййаг уæм паддзахы
ныхмæ сызмæнтыны зонд нæ фæзынди?»
20Æз сын загътон: «Уæларвон Хуыцау ныл
рæстаудæн кæны, æмæ мах, Йæ цагъартæ,
аразынмæ бавналдзыстæм, сымах та Йе-
русалимы ницы хъуыддаг ис, хай дæр æмæ
уын дзы бар дæр нæй».

**3** Алчер Елиашив бавдæлд æмæ йæ сау-
джын æфсымæртимæ Фысвосы кулдуар
сарæзтой. Срухс æй кодтой æмæ йын йæ
дуæрттæ сæвæрдтой. Сæдæйы мæсыгæй
Хананелы мæсыгмæ дæр къул самадтой
æмæ йæ срухс кодтой.
2Уыдоны фарсмæ къулы хай дарддæр
амадтой йерихонæгтæ, сæ фарсмæ та — Им-
рийы фырт Заккур.
3Кæсаджы кулдуар арæзтой Сенаайы бай-
зæддæгтæ: йæ хъайвантæ йын ныффидар
кодтой, йæ дуæрттæ йын æрцауыгътой, йæ
гуыдыртæ æмæ йын йе 'хгæнæнтæ сæвæрдтой.
4Уыдоны фарсмæ къул дарддæр амадта
Уриайы фырт Меремот, Хакоцы байзæддаг,
сæ фарсмæ та — Варахийы фырт Мешуллам,
Мешезавелы байзæддаг; уый фарсмæ — Ба-
анайы фырт Цадок.
5Уыдоны фарсмæ къул дарддæр амадтой
текойæгтæ; уæвгæ, сæ тæккæ нымаддæртæй
никæй бафæндыд Дунедарæджы номыл
бакусын.
6Зæронд кулдуарыл архайдтой Пасеахы
фырт Иоада æмæ Бесодиайы фырт Мешул-
лам; кулдуар сарæзтой, йæ дуæрттæ йын
æрцауыгътой, йæ гуыдыртæ æмæ йын йе
'хгæнæнтæ сæвæрдтой.
7Уыдоны фарсмæ къул амайыныл дарддæр,
Цæугæдоны фаллаг фарсы хицауы цæрæн-
ты онг, архайдтой гивонаг Мелатиа æмæ
меронотаг Йадон, семæ — гивонæгтæ æмæ
мицпайæгтæ.

8 Къулы иннæ хай амадта Хархаиайы фырт
зæрингуырд Уззиел, йæ фарсмæ та — Хана-
ниа, хæрздæфгæнæнтæ аразæг. Уыйадыл
Йерусалим, куыд уыди, афтæ фæстæмæ
скодтой — суанг Фæтæн Къулы онг.
9 Уыдоны фарсмæ къулы иннæ хай ама-
йыныл архайдта Хуры фырт Рефайа, Йеру-
салимы æрдæгзылды хицау.
10 Къулы иннæ хай, растдæриддæр йæ хæ-
дзары бакомкоммæ, амадта Харумафы фырт
Иедайа, дарддæр та — Хашавниайы фырт
Хаттуш. 11 Къул дарддæр, уыимæ — Пецы
мæсыг дæр, амадтой Харимы фырт Малкиа
æмæ Пахат-Моавы фырт Хашшув.
12 Къул йæ чызджытимæ дарддæр скодта
Халлохешы фырт Шаллум, Йерусалимы æр-
дæгзылды хицау.
13 Дæлвæзы Кулдуар самадтой Ханун æмæ
заноахæгтæ, йæ дуæрттæ йын æрцауыгъ-
той, йæ гуыдыртæ æмæ йын йе 'хгæнæнтæ
сæвæрдтой. Уымæй уæлдай ма къулæй но-
джыдæр мин æлмæрины — Фаджыскалæн
кулдуары онг — самадтой. 14 Фаджыска-
лæн кулдуар самадта Рехавы фырт Мал-
киа, Бет-Керемы зылды хицау. Йæ дуæрттæ
йын сæвæрдта, гуыдыртæ æмæ æхгæнæнтæ
æрцауыгъта.
15 Суадоны кулдуар самадта Кол Хозейы
фырт Шаллум, Мицпайы зылды хицау. Са-
рæзта йæ, уæлейæ йын æрдынагъуыст скодта,
гуыдыртæ æмæ æхгæнæнтæ йыл сæвæрдта.
Уымæй уæлдай ма паддзахы дыргъдоны
акомкоммæ, Силоамы цадæй Давиды саха-
рæй æрхизæн къæпхæнты онг, къул самадта.
16 Дарддæр — Давиды зæппæдзтæй хикъахт
цад æмæ æфсæддонты агъуысты онг — къул
самадта Азбукы фырт Неемиа, Бет-Цуры
æрдæгзылды хицау.
17 Дарддæр къул амайыныл архайдтой ле-
виттæ: Банийы фырт Рехум, уыдоны фæс-
тæ — Хашавиа, Кеилайы æрдæгзылды хицау.
18 Къул дарддæр самадтой се 'фсымæртæ:
Хенадады фырт Баввей, Кеилайы æрдæг-
зылды хицау.
19 Уый фарсмæ къулы иннæ хай, тигъыл цы
хотыхдон ис, уый схизæны акомкоммæ, са-
рæзта Йешуайы фырт Езер, Мицпайы хицау.
20 Иннæ хай, тигъæй алчер Елиашивы хæ-
дзары дуары онг, самадта Заббайы фырт
Барух.
21 Дарддæр, Елиашивы хæдзары дуарæй
Елиашивы хæдзары тигъмæ, къул самадта
Уриайы фырт Меремот, Хакоцы фырты фырт.
22 Дарддæр къул самадтой æввахсдæр рæт-
тæй æрбацæуæг сауджынтæ. 23 Сæ фарсмæ,
сæхи хæдзары акомкоммæ, къулы хай са-
мадтой Бениамин æмæ Хашшув.
Уыдоны фарсмæ, сæхи хæдзары цур, — Ма-
сеайы фырт Азариа, Ананиайы байзæддаг.
24 Йæ фарсмæ, къулы иннæ хай, Азариайы
хæдзарæй тигъы фæзилæнмæ, амадта Хена-
дады фырт Биннуй. 25 Йæ фарсмæ, ахæстоны
кæрты цур, тигъы æмæ паддзахы уæллаг хæ-
дзары мæсыджы акомкоммæ — Узайы фырт
Палал. Йæ фарсмæ — Парошы фырт Педаиа.
26 Офел, зæгъгæ, сахары уыцы ран цæрæг
Кувæндоны кусджытæ самадтой къулы иннæ
хай — скæсæнæрдыгæй Донхæссæн кулду-
армæ, цы мæсыг дзы фæцыд, уый онг.
27 Сæ фарсмæ къул дарддæр амадтой теко-
йæгтæ: стыр цæстахадгæ мæсыгæй Офелы
къулы онг. 28 Дарддæр, Бæхты кулдуарæй
уæлæмæ, цæгатæрдæм, амадтой сауджынтæ:
алчидæр — йæ хæдзары акомкоммæ.
29 Сæ фарсмæ, йæ хæдзары акомкоммæ,
амадта Иммеры фырт Цадок.
Уый фарсмæ та — Шеханиайы фырт Ше-
майа, скæсæйнаг кулдуары хъахъхъæнæг.
30 Дарддæр, къулы иннæ хай, амадтой Ше-
лемийы фырт Хананиа æмæ Цалафы æхсæ-
зæм фырт Ханун.
Сæ фарсмæ, йæ агъуысты акомкоммæ,
къул дарддæр амадта Варахийы фырт
Мешуллам.
31 Йæ фарсмæ Хацорфийы фырт Малкиа,
зæрингуырд, амадта дарддæр къул Кувæн-
доны кусджытæ æмæ сæудæджерты хæдзары
онг, Цæстдарджыты кулдуары акомкоммæ,
сахары къулы фисыны уæллаг агъуысты онг.
32 Фисыны уæллаг агъуыстæй Фысвосы кул-
дуары онг та къул амадтой зæрингуырдтæ
æмæ сæудæджертæ.

**4** Мах къул кæй аразæм, уый Санбаллатæн
йæ тъæнгтæ цагъта, æмæ маст кодта иуде-
йæгтæн, хынджылæг сæ кодта 2 йе 'фсымæр-
тæ æмæ самариаг æфсæддонты раз: «Цы
архайынц ацы ницæйаг иудейæгтæ? Ау, ахæм
бар сын ратдзысты, æмæ нывæндтæ хæссой?
Ау, сæ куыст искуы кæронмæ фæуыдзысты?
Ау, дуртæ, чи ныртхутæг, уыцы сыгъд дуртæ
ныхъхъæбæр уыдзысты?»
3 Аммонаг Тобиа дæр йæ цуры уыд æмæ
йын загъта: «Уадз æмæ аразой: рувас ыл
куы ауайа, уæд дæр æркæлдзæн сæ дурæй
амад къул».
4 Фехъуысæд дæм, нæ Хуыцау, сæ къæхты
бын нæ куыд кæнынц, уый! Се 'лгъыстытæ
сын сæхи сæрыл æруадз, уацайраджы хал
куыд ахæрой æмæ кæйдæр зæххыл æгадæй

сæ бонтæ куыд æрвитой! 5Се ’наккаг митæ
сын ма ныббар, аразджыты тæригъæд сын ма
ныххатыр кæн! 6Цыфæндыйæ дæр мах ку-
ыстам æмæ нæ къул æрдæгмæ фестæм, æмæ
дарддæр кусынмæ дæр адæм цæттæ сты.
7Санбаллат æмæ Тобиа, араббæгтæ, ам-
монæгтæ æмæ ашдодæгтæ куы фехъуыс-
той, Йерусалимы къултæ ногæй аразæм,
сæ къахыртæ сын æхгæнæм, уæд мæстæй
ссыгъдысты. 8Баныхас кодтой иуууылдæр
иумæ, Йерусалимы ныхмæ схæцæм æмæ сæ
нықъкъуылымпы кæнæм, зæгъгæ.
9Мах нæ Хуыцаумæ куывтам, æхсæвæй-бо-
нæй хæстифтонгæй лæууыдыстæм, цæмæй
фыдгулæй нæхи бахъахъхъæнæм.
10Иудейæгтæ бустæ кодтой: «Уаргъх-
æсджытæн сæ хъару басасти, быронæн та
ныккæнæн дæр нæй; къул саразынæн не
стæм мах».
11Нæ фыдгултæ та дзырдтой: «Æвиппай-
ды се ’хсæн куыд февзæрдзыстæм, куыд сæ
ныццæгъддзыстæм æмæ хъуыддаг куыд
æрбайхалдзыстæм, уый уыдон зонгæ дæр
нæ бакæндзысты».
12Сæ фарсмæ цæрæг иудейæгтæ нæм алы
рæттæй иу-дæс хатты æрбацыдысты æмæ
нын загътой, кæцырдыгæйты нæм лæбу-
рынвæнд кæнынц, уый.
13Уæд æз, систæ æрдæгамад кæм уыдысты,
уымыты адæмы æрлæууын кодтон мыггаг-
гай, цирхъытæ, æрцытæ æмæ æрдынтимæ.
14Æркастæн сæм æмæ сын сæ номдзыддæр-
тæн æмæ сæ хицæуттæн, стæй иннæ адæмæн
загътон: «Ма тæрсут фыдгулæй! Рох уæ ма
уæд цытджын æмæ тасæфтауæг Дунедарæг,
афтæмæй схæцут уе ’фсымæртæ, уæ лæппу-
тæ æмæ уæ чызджытæ, уæ устытæ æмæ уæ
хæдзæртты сæраппонд!»
15Не знæгтæ куы фехъуыстой, сæ фæнд нын
зындгонд у, уый, уæд сын Хуыцау сæ фыд-
вæндтæ сæ хъуыры фæбадын кодта, махæй та
алчидæр фæстæмæ къул аразынмæ бавнæлдта,
йæ куысты сæр æрлæууыди. 16Уыцы бонæй
фæстæмæ мæ кусджыты иу æмбис кусгæ кодта,
иннæ æмбис та æд æрцытæ, æд уартытæ æмæ
æд æрдынтæ, сæ уæлæ уыди згъæрхæдæттæ,
афтæмæй лæууыдысты. Æфсадхонтæ дæр æм-
бырдæй уыдысты Иудæйы хæдзары фæскъул.
17Къуламайджытæ æмæ уаргъхæсджытæ иу
къухæй кусгæ кодтой, иннæмæй та æрцытыл
хæцыдысты. 18Аразджытæй алкæмæн дæр
йæ кард баст уыди йæ астæуыл, афтæмæй
куыстой. Мæ цуры та лæууыд хæтæлæйуасæг.
19Æз загътон номдзыддæртæ æмæ хи-
цæуттæн, стæй иннæ адæмæн: «Куыст тынг
хъæзуат æмæ дзæвгар у. Къулыл ныххæлиу
стæм, кæрæдзийæ — дæрддзæф. 20Уымæ
гæсгæ уæ хъус дарут, æмæ уæм хæтæлы уаст
кæцæй фехъуыса, уырдæм-иу æвæстиатæй
æрбамбырд ут. Нæ Хуыцау нæ бæсты тох
кæндзæни».
21Афтæ уыди нæ куыст: сæуæхсидæй суанг
стъалыты фæзындмæ адæмæн се ’мбис æр-
цытæ нæ уæгъд кодтой сæ къухтæй.
22Ноджыдæр ма уыди уыцы рæстæг мæ
ныхас адæмæн: «Йерусалимы уæ алчидæр
æхсæвиуат кæнæд йæ лæггадгæнджытимæ:
уыдон нын æхсæв хъахъхъæнæг уыдзысты,
бон та кусгæ кæндзысты».
23Нæ ластам нæ дарæс нæдæр мæхæдæг,
нæдæр ме ’фсымæртæ, нæдæр мæ лæггад-
гæнджытæ, нæдæр мæ хъахъхъæнджытæ.
Алчидæр нæ рахизæрдыгæй йæ фарсмæ
цæттæйæ дардта йæ цирхъ, алкæмæн дæр
нæ йæ цуры уыди дон.

**5** Уыцы рæстæг нæ адæм æмæ сæ усты-
тæ тынг схæрам сты се ’фсымæр иудейæг-
тæм. 2Иутæ дзырдтой, нæ лæппутæ æмæ нæ
чызджыты цъындымæ дæттæм къæбæрыл,
цæмæй сыдæй ма амæлæм æмæ аирвæ-
зæм. 3Иннæтæ дзырдтой, стонджы азарæй
нæ хуымтæ, нæ сæндæттæ, нæ хæдзæрттæ
цъынды дæттинаг фесты, зæгъгæ.
4Аннæтæ та дзырдтой, мах, дам, нæ хуым-
тæ æмæ нæ сæндæттæ цъынды раттæм æмæ
афтæмæй æвзист æфстау райсæм, цæмæй
паддзахы хъалон бафидæм. 5Махæн дæр,
дам, не ’фсымæрты буары хуызæн ис, нæ
фырттæ дæр, дам, уыдоны фыртты хуы-
зæн сты, афтæмæй, дам, махæн нæ фырттæ
æмæ нæ чызджытæ æххуырсты дæттинаг
фесты. Ныридæгæн, дам, нæ чызджытæй
иуæй-иутæ кæмæндæр цагъар сты æмæ сæ
балхæнын та æппындæр нæ амоны нæ къух.
Нæ хуымтæ дæр æмæ, дам, нæ сæндæттæ
дæр кæйдæр къухты сты.
6Æз уыдæттæ куы фехъуыстон, уæд мæс-
тæй рафыхтæн. 7Ныссагъæс кодтон æмæ азы-
мы ныхæстæ ныккалдтон номдзыддæртæ
æмæ хицæуттыл. Загътон сын, сымах, зæ-
гъын, уе ’фсымæртæн сæ хæс уæлдайджын-
тæй фидын кæнут. Сæ ныхмæ дзæвгар адæм
æрæмбырд кодтон. 8Загътон сын, æндæр
адæмтæм, зæгъын, уæйгонд чи æрцыди, уы-
цы иудейæгты мах, нæ бон цас уыди, уыйас
фæстæмæ фелхæдтам. Сымах та, зæгъын,
уе ’фсымæрты уæй кæнут, æмæ ныр махæн
æлхæнинаг фесты! Ницы дзырдтой, стæй
зæгъгæ дæр цы хъуамæ кодтаиккой?

9 Загътон сын, хорз нæ кæнут. Ау, Хуыца-
уæй хъуамæ ма тæрсат? Цæмæй нын ин-
нæ адæмтæ, не знæгтæ, фидис ма кæной.
10 Фæлæвæрдтам сын æфстау — æз дæр, ме
'фсымæртæ дæр, мæ кусджытæ дæр, æмæ
уыцы æфстау фæстæмæ мауал бадомæм.
11 Фæстæмæ сын раттут сæ хуымтæ, сæ сæн-
дæттæ æмæ оливæ бæлæсты дыргъдæттæ,
стæй сæ хæдзæрттæ. Фæстæмæ сын раттут,
æвзисты æмæ хоры, сæны æмæ сойы æфста-
уы тыххæй цы уæлæфтуантыл бадзырдтат,
уыдон дæр. 12 Уыдон загътой: «Фæстæмæ сын
сæ ратдзыстæм æмæ сæ ницыуал домдзыс-
тæм. Ды куыд зæгъыс, афтæ бакæндзыстæм».
Уыйадыл сауджынтæм фæсидтæн æмæ
сын ард бахæрын кодтон, афтæ кæй бакæн-
дзысты, уый тыххæй. 13 Æз мæ рон, цыма мæ
хæзнатæ зæхмæ калын, афтæ æрцæгъдæгау
кодтон æмæ загътон: «Йæ дзырдæн хицау чи
нæ разына, уыцы адæймаджы дæр Хуыцау
раст афтæ фæхауæггаг кæнæд йæ хæдзарæй
æмæ йæ исбонæй, æмæ мæ ронау афтидæй
аззайæд!» Иууылдæр загътой: «Аммен!» æмæ
кад кодтой Хуыцауæн. Адæм хицау разын-
дысты сæ дзырдæн.
14 Иу хабар ма: иудейæгты зæххыл облæс-
ты хицау куы сдæн, уæдæй фæстæмæ, Ар-
таксерксы паддзахиуæгады ссæдзæм азæй
дыууадæс æмæ ссæдзæм азмæ, дыууадæс
азы дæргъы, облæсты хицауæн цы хойраг
æмбæлы, уый нæ хордтам æз æмæ мæ хи-
уæттæ. 15 Мæ размæйы облæсты хицæуттæ та
адæмыл уаргъ æвæрдтой: æвзисты дыууис-
сæдз шекелæй уæлæмæ ма адæмæй домдтой
хор æмæ сæн. Суанг ма сæ фæсдзæуинтæ дæр
æлдариуæг кодтой адæмæн. Фæлæ æз афтæ
нæ кодтон, уымæн æмæ Хуыцауæй тæрсын.
16 Уыимæ æз ацы къул аразынæн дæр æххуыс
кодтон, уæдæ æлхæнгæ дæр никæй хуымтæ
кодтам. Мæ лæггадгæнджытæ дæр иууыл-
дæр уым куыстой. 17 Сыхаг адæмтæй нæм чи
цыдис, уыдоны йеддæмæ ма-иу мæ фынджы
уæлхъус иудейæгтæ æмæ хицæуттæй бад-
ти сæдæ фæндзай адæймаджы. 18 Мæ боны
фæлхас-иу слæууыди: иу гал, æхсæз хæрзхаст
фысы, маргъ дæр-иу дзæвгар ныццагътам; дæс
боны дæргъы бирæ алыхуызон сæнтæ хардз-
гонд цыди. Фæлæ уæддæр облæсты хицауæн
æмбæлгæ хойраг æз никуы бадомдтон, уымæн
æмæ адæм æнæуи дæр уæззау куыст кодтой.
19 Ацы адæмæн цыдæриддæр фæдæн, уы-
дон мын хорзæн фæкæн, мæ Хуыцау!

**6** Санбаллат æмæ Тобиа, араббаг Гешем
æмæ нæ иннæ фыдгултæ куы фехъуыстой, æз
къул амад фæдæн æмæ дзы къахыртæ нал ис,
уæвгæ уæдмæ кулдуæрттæ æмæ сæ хæйттæ
рæвдз нæма уыдысты, 2 уæд мæм Санбаллат
æмæ Гешем æрбарвыстой, рацу æмæ, дам,
Онойы дæлвæзы хъæутæй иуы фембæлæм:
мæнæн исты фыдбылыз саразыны фæнд
сæм уыди. 3 Фæлæ сæм æз арвыстон, стыр
хъуыддаджы лæуд дæн æмæ мæ цæуынмæ
нæ равдæлдзæн, зæгъгæ. Куы йæ, зæгъын,
ныууадзон æмæ сымахмæ куы ацæуон, уæд
бакъуылымпы уыдзæни. 4 Цыппар хатты
мæм æрбаминæвар кодтой, æмæ сын цып-
пар хатты дæр уыцы иу дзуапп лæвæрдтон.
5 Уæд мæм Санбаллат фæндзæм хатт æр-
барвыста йæ лæггадгæнæджы, йæ къухы —
гом фыстæг. 6 Фыстæджы уыди: «Адæм хъус-
хъус кæнынц, стæй Гашму дæр афтæ зæгъы,
ды æмæ, дам, иудейæгтæ паддзахы ныхмæ
растынмæ хъавут. Къул дæр, дам, уый тых-
хæй амайыс. Уыимæ, дам, дæ зæрды ис уыдо-
нæн паддзах суæвын. 7 Цæмæй дæ спаддзах
кæной, пехуымпарты дæр, дам, Йерусалимы
уый тыххæй баурæдтай. Иудейаг паддзах,
зæгъгæ, дæу хонынц æмæ уыцы ныхæстæ
паддзахмæ фæхæццæ уыдзысты. Уæдæмæ
æрбацу æмæ иумæ ауынаффæ кæнæм».
8 Фæлæ йæм æз арвыстон: «Ды цы дзурыс,
ахæмæй дзы ницы ис. Дæхи æрымысæггаг
сты». 9 Иууылдæр нæ тæрсын кодтой, цæмæй
нæ ныфс асæтта æмæ хъуыддагæй мацы
рауайа. Фæлæ æз Хуыцаумæ куывтон, цæ-
мæй мын мæ къух ноджы фидардæр кæна.
10 Иу бон куы уыд, уæд Шемайайы, Делаийы
фырт, Мегетабелы фырты фырты хæдзармæ
бацыдтæн. Уый хибар уаты цард Кувæндоны
æмæ загъта, цом, дам, Хуыцауы хæдзармæ,
Кувæндоны хуылфмæ, æмæ дуар нæ фæстæ
сæхгæнæм, уымæн æмæ, дам, дæумæ ма-
рынмæ æрбацæудзысты, æхсæвыгон, дам,
æрбацæудзысты дæ марынмæ. 11 Æз загътон,
мæ хуызæн адæймагæн, зæгъын, лидзын
кæм фидауы? Удæгасæй баззайыны охыл
мæ хуызæн адæймагæн Кувæндоны бамбæх-
сын кæм æмбæлы? Нæ, зæгъын, бацæудзы-
нæн. 12 Кæд пехуымпариуæг кодта, уæддæр
æз зыдтон, Хуыцауы æрвыст адæймаг нæ,
фæлæ Тобиа æмæ Санбаллаты æлхæд лæг
кæй у, уый. 13 Æлхæнгæ та йæ уый тыххæй
бакодтой, цæмæй мæ фæтæрсын кæна, йæ
коммæ бакæсон æмæ уыцы тæригъæд мæхи-
мæ райсон. Уæд сæ цæсты бафтыдаин æмæ
цæрæнбонты фидиссаг фæуыдаин.
14 Фæтæрсын кæнынмæ мæ чи хъавыди,
уыцы Тобиа æмæ Санбаллат, сылгоймаг-пе-
хуымпар Ноадиа æмæ иннæ пехуымпартæн сæ

хъуыддæгтæм гæсгæ стæрхон кæн, мæ Хуыцау!
[15]Къул срæвдз ис дыууадæс æмæ дыууиссæдз
бонмæ, елулы мæйы дыууын фæндзæм бон.

[16]Уыцы хабар нæ фыдгултæ куы фехъу-
ыстой, нæ алыварс адæмтæ йæ иууылдæр
сæхи цæстæй куы федтой, уæд сæхимæ æгад
æркастысты: бамбæрстой, хъуыддаг нæ Ху-
ыцауы фæндæй кæй сæнтысти, уый.

[17]Уыцы бонты иудейæгты уæздандæртæ
æмæ Тобиа кæрæдзимæ хъазуатæй фыстæ-
джытæ æрвыстой. [18]Йæ цæдисонтæ уыдысты,
кæрæдзийæн ард бахордтой. Уымæн æмæ
йæхæдæг Арахы фырт Шеханиайы сиахс
уыди, йæ фырт Йоханан та Варахийы фырт
Мешулламы чызджы ракуырдта. [19]Суанг
ма йæ хорз хъуыддæгты кой дæр кодтой мæ
разы, мæ ныхæстæ та уымæн фæзмыдтой.
Цæмæй мæ фæтæрсын кæна, Тобиа уый
тыххæй æрвыста фыстæджытæ.

**7** Къул куы срæвдз æмæ кулдуары хæйттæ
сæ бынæттæ куы ссардтой, уæд дуаргæстæ,
зарæггæнджытæ æмæ левиттæ нысангонд
æрцыдысты. [2]Ме 'фсымæр Ханани æмæ фи-
дары хицау Хананиайы (Хуыцауы тас кæмæ
уыд, ахæм æууæнкджын лæджы) Йерусали-
мы сæргъы сæвæрдтон. [3]Загътон сын: цалын-
мæ хур дзæбæх æндавы, уæдмæ Йерусалимы
кулдуæрттæ ма гом кæнут. Адæм цалынмæ
бадгæ кæнынц, уæдмæ дуæрттæ æхгæнут
æмæ гуыдыртæ æвæрут. Хъахъхъæнджытæй
сæвæрдтон Йерусалимы цæрджыты, алкæй
дæр — йæ хæдзары акомкоммæ. [4]Фæлæ сахар
парахат æмæ егъау уыд, адæм та дзы — хæрз
чысыл, хæдзæрттæ дæр арæзт нæ уыдысты.
[5]Уæд Хуыцауы фæндæй мæ зæрдыл æрæф-
тыд номдзыддæртæ, хицæуттæ æмæ иннæ
адæмы æрæмбырд кæнын æмæ сын æрфыст
саразын. Ссардтон, уацарæй раздæр чи æр-
баздæхт, уыдоны хæдзарвæндаггай ном-
хыгъд. Фыст дзы уыди: [6]«Вавилоны паддзах
Навуходоносор уацары кæй акодта, уыцы
израилæгтæй фæстæмæ Йерусалиммæ æмæ
Иудеймæ, алчидæр йæхи сахармæ, [7]Зорова-
велимæ, Йешуаимæ, Неемиаимæ, Азариаи-
мæ, Раамиаимæ, Нахаманиаимæ, Мардохе-
имæ, Билшанимæ, Миспаримæ, Бигваимæ,
Нехумимæ, Ваанаимæ æрбаздæхти.

Мæнæ Израилы адæмы номхыгъд:

[8] Парошы мыггагæй — дыууæ мин сæ-
дæ æвдай дыууæ;
[9] Шефатийы мыггагæй — æртæсæдæ
æвдай дыууæ;
[10] Арахы мыггагæй — æхсæзсæдæ фæн-
дзай дыууæ;
[11] Пахат-Моавы мыггагæй (Йешуа æмæ
Йоавы байзæддæгтæ) — дыууæ мин
астсæдæ æстдæс;
[12] Еламы мыггагæй — иу мин дыууæсæ-
дæ фæндзай цыппар;
[13] Заттуйы мыггагæй — астсæдæ цып-
пор фондз;
[14] Заккайы мыггагæй — авдсæдæ æхсай;
[15] Биннуйы мыггагæй — æхсæзсæдæ
цыппор аст;
[16] Бевайы мыггагæй — æхсæзсæдæ дыу-
уын аст;
[17] Азгады мыггагæй — дыууæ мин æр-
тæсæдæ дыууын дыууæ;
[18] Адоникамы мыггагæй — æхсæзсæдæ
æхсай авд;
[19] Бигвайы мыггагæй — дыууæ мин æх-
сай авд;
[20] Адины мыггагæй — æхсæзсæдæ фæн-
дзай фондз;
[21] Атеры мыггагæй (Езекиайы хæдза-
рæй) — нæуæдз аст;
[22] Хашумы мыггагæй — æртæсæдæ дыу-
уын аст;
[23] Бецайы мыггагæй — æртæсæдæ дыу-
уын цыппар;
[24] Харифы мыггагæй — сæдæ дыууадæс;
[25] Гивоны мыггагæй — нæуæдз фондз;
[26] Вифлеем æмæ Нетофы цæрджытæй —
сæдæ æстай аст;
[27] Анатоты цæрджытæй — сæдæ дыууын
аст;
[28] Бет-Азмаветы цæрджытæй — цыппор
дыууæ;
[29] Кирйат-Иарим, Кефира æмæ Беероты
цæрджытæй — авдсæдæ цыппор
æртæ;
[30] Рама æмæ Гевæйы цæрджытæй — æх-
сæзсæдæ дыууын иу;
[31] Михмасы цæрджытæй — сæдæ дыу-
уын дыууæ;
[32] Вефил æмæ Гайы цæрджытæй — сæдæ
дыууын æртæ;
[33] иннæ Невойы цæрджытæй — фæн-
дзай дыууæ;
[34] иннæ Еламы мыггагæй — иу мин дыу-
уæсæдæ фæндзай цыппар;
[35] Харимы мыггагæй — æртæсæдæ
дыууын;
[36] Йерихоны мыггагæй — æртæсæдæ
цыппор фондз;
[37] Лод, Хадид æмæ Онойы мыггæгтæй —
авдсæдæ дыууын иу;
[38] Сенаайы мыггагæй — æртæ мин фа-
растсæдæ æртын.

39 Сауджынтæ:
Иедайайы мыггагæй (Йешуайы бай-
зæддæгтæй) — фарастсæдæ æвдай
æртæ;
40 Иммеры мыггагæй — иу мин фæндзай
дыууæ;
41 Пашхуры мыггагæй — иу мин цыппор
авд;
42 Харимы мыггагæй — иу мин æвддæс.
43 Левиттæ:
Йешуа æмæ Кадмиелы байзæддæг-
тæй (Ходевайы хæдзарæй) — æвдай
цыппар.
44 Зарæггæнджытæ:
Асафы байзæддæгтæй — сæдæ цып-
пор аст.
45 Аргъуанхъахъхъæнджытæ:
Шаллумы, Атеры, Талмоны, Аккувы,
Хатитайы, Шовайы байзæддæг-
тæй — сæдæ æртын аст.
46 Кувæндоны кусджытæ:
Цихайы, Хасуфайы, Таббаоты
фырттæ;
47 Керосы, Сиайы, Падоны фырттæ;
48 Леванайы, Хагавайы, Шалмайы
фырттæ;
49 Хананы, Гидделы, Гахары фырттæ;
50 Реаиайы, Рецины, Некодайы фырттæ;
51 Газамы, Уззайы, Пасеахы фырттæ;
52 Бесайы, Меунимы, Нефушсимы
фырттæ;
53 Бакбукы, Хакуфайы, Хархуры
фырттæ;
54 Бацлиты, Мехидайы, Харшайы
фырттæ;
55 Баркосы, Сисерайы, Темахы фырттæ;
56 Нециахы, Хатифайы фырттæ.
57 Соломоны лæггадгæнджыты байзæд-
дæгтæй:
Сотайы, Софереты, Феридайы
фырттæ;
58 Иалайы, Дарконы, Гидделы фырттæ;
59 Шефатийы, Хаттилы фырттæ, Поке-
рет-Цеваимы, Амоны фырттæ.
60 Кувæндоны кусджытæ æмæ Соло-
моны цагъарты байзæддæгтæ
æдæппæтæй — æртæсæдæ нæуæдз
дыууæ.
61 Мæнæ, Тел-Мелах, Тел-Харша, Керув,
Аддон æмæ Иммерæй чи æрбацыд, фæ-
лæ израилаг сты æви нæ, уый тыххæй сæ
бон æвдисæнтæ ’рхæссын кæмæн нæ баци,
уыдон: 62 Делаи, Товиа æмæ Некодайы бай-
зæддæгтæ — æхсæзсæдæ цыппор дыууæ.
63 Сауджынтæй:
Ховайайы, Хакоцы æмæ, йæ галаадаг
каисты ном хæссын чи райдыдта,
уыцы Барзиллайы байзæддæгтæ.
64 Сæ фыдæлты тыххæй исты фыст кæм ис,
ахæм æрмæг фæцагуырдтой, фæлæ ницы
ссардтой, æмæ сæ уымæ гæсгæ сауджынтыл
нал банымадтой. 65 Иудейы хицау сын загъ-
та, цалынмæ, дам, урим æмæ туммимимæ
кувæг сауджын фæзына, уæдмæ сыгъдæг
нывондагæй ма хæрут, зæгъгæ.
66 Чи æрбаздæхти, уыцы дзыллæ æдæп-
пæтæй иумæ уыдысты цыппор дыууæ мин
æртæсæдæ æхсай адæймаджы. 67 Уыдони-
мæ нымад не ’рцыдысты сæ лæггадгæнæг
нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ — авд
мин æртæсæдæ æртын авд, стæй зарæггæн-
джытæ — нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæг-
тæ — дыууæсæдæ цыппор фондз.
68 Бæхтæ сæм уыдис авдсæдæ æртын æх-
сæз, хайуантæ — дыууæсæдæ цыппор æр-
тæ, 69 теуатæ — цыппарсæдæ æртын фондз,
хæрджытæ — æхсæз мин авдсæдæ дыууын.
70 Хæдзарвæндæгты хистæртæй иуæй-иу-
тæ, цæмæй куыст размæ цæуа, уымæн стыр
ахъаз бакодтой. Тиршата хæзнадонмæ радта:
сыгъзæрин — мин драхмæйы; кæхцытæ —
фæндзай; сауджыны фæлыст — фæндзай
æртын фæлтæры.
71 Хæдзарвæндæгты хистæртæй чидæртæ
хæзнадонмæ радтой: сыгъзæрин — ссæдз
мин драхмæйы; æвзист — дыууæ мин дыу-
уæсæдæ минæйы. 72 Иннæ адæмæй чидæртæ
радтой: сыгъзæрин — ссæдз мин драхмæйы;
æвзист — дыууæ мин минæйы; сауджыны
фæлыст — æхсай авд фæлтæры.
73 Сауджынтæ æмæ левиттæ, дуаргæстæ
æмæ зарæггæнджытæ, адæм æмæ Кувæн-
доны кусджытæ, израилæгтæ иууылдæр
æрбынæттон сты сæ сахарты».

**8** Æвдæм мæй куы ралæууыди æмæ изра-
илæгтæ сæ сахарты куы æрбынæттон сты,
уæд адæм иууылдæр иу лæгау æрæмбырд
сты Донхæссæн кулдуары цур фæзмæ æмæ
динамонæг Езрайæн загътой, Дунедарæг
Израилæн кæй бафæдзæхста, Моисейы
Æгъдауы уыцы тухгæ чиныг рахæсс, зæгъ-
гæ. 2 Уыйадыл сауджын Езра æвдæм мæйы
фыццаг бон чиныг рахаста дзыллæмæ: нæл-
гоймæгтæ æмæ сылгоймæгты æмбырдмæ,
æмбарынхъом чи у, æппæт уыдонмæ. 3 Дон-
хæссæн кулдуары цур фæзы сæумæйæ æм-
бисбонмæ касти дины чиныг нæлгоймæгтæ
æмæ сылгоймæгтæн, æмбарынхъом чи у,
уыдонæн се ’ппæтæн дæр, æмæ йæм адæм

иууылдæр лæмбынæг хъуыстой. 4Динамо-
нæг Езра лæууыди, сæрмагондæй йын кæй
сарæзтой, уыцы бæрзонд хъæдын лæууæныл.
Рахизæрдыгæй йæ фарсмæ — Маттитиа, Ше-
ма, Анайа, Уриа, Хилкиа æмæ Маасеа, гали-
уæрдыгæй — Педаиа, Мишаел, Малкиа, Ха-
шум, Хашбаддана, Захариа æмæ Мешуллам.
5Езра лæууыди тæккæ бæрзонддæр ран,
æмæ йæ се 'ппæт дæр уыдтой. Чиныг куы
байгом кодта, уæд адæм иууылдæр сыста-
дысты. 6Езра Стыр Хуыцауæн, Дунедарæгæн,
раарфæ кодта, æмæ адæм иууылдæр, аммен,
аммен, зæгъгæ, сæ къухтæ уæлæмæ сдард-
той. Уый фæстæ сæ сæртæ æркъул кодтой,
кувгæ-кувын зæххыл ныддæлгом сты. 7Йе-
шуа, Бани, Шеревиа, Йамин, Аккув, Шабтай,
Ходиа, Маасеа, Келита, Азариа, Йозавад,
Ханан, Пелаиа, — ацы левиттæ адæмæн
æмбарын кодтой дин, æмæ сæм уыдон сæ
бынæттæй лæмбынæг хъуыстой. 8Алкæмæ
дæр куыд хъуыса, афтæ сын кастысты Хуы-
цауы Æгъдауы чиныг æмæ сын æй æмбарын
кодтой. Æмæ адæм, цы сын кастысты, уый
æмбæрстой.
9Адæм иууылдæр куыдтой, Æгъдауы
ныхæстæм хъусгæйæ. Уымæ гæсгæ сын
бынæттон хицау Неемиа, динамонæг æмæ
сауджын Езра, стæй, дзыллæйæн зондамынд
чи лæвæрдта, уыцы левиттæ загътой: «Абон
Дунедарæджы, нæ Хуыцауы, бæрæгбон у.
Хъынцъым-ма кæнут æмæ ма кæут!»
10Ноджы ма сын загъта: «Цæут æмæ сойа-
гæй дæр æмæ адджинагæй дæр уæхи хорз
фенут. Цæттæ кæмæ ницы ис, уыдонæн та
хæйттæ арвитут: абон нæ Дунедарæджы
бæрæгбон у, æмæ æнкъард кæнын нæ хъæ-
уы — Дунедарæгыл куы цин кæнат, уæд уæ
хъаруйыл бафтдзæни». 11Афтæ левиттæ адæ-
мы сабыр кодтой, мауал кæут, уымæн æмæ
абон бæрæгбон у æмæ æнкъард ма кæнут,
зæгъгæ. 12Уыйадыл адæм сæ хæдзæрттæм
ацыдысты æмæ иууылдæр минас кæнын
æмæ хуынтæ æрвитынмæ фесты. Сразæн-
гард сты хъæлдзæг бæрæгбон аразынмæ,
уымæн æмæ сын цы ныхæстæ загъдæуы-
ди, уыдон бамбæрстой æмæ сæ айстой сæ
зæрдæмæ.
13Дыккаг бон æппæт адæмы хæдзарвæн-
дæгты хистæртæ, сауджынтæ æмæ левиттæ
ацыдысты динамонæг Езрамæ, цæмæй сын
дины ныхæстæ æмбарын кæна, уый тых-
хæй 14æмæ, Дунедарæг Моисейæн уылты цы
'Гъдау радта, уым фыстæй ссардтой, æвдæм
мæй израилæгтæн бæрæгбон кæй у æмæ уы-
цы рæстæг халагъудты кæй хъуамæ цæрой,
уый. 15Уымæ гæсгæ се 'ппæт сахартæн дæр
æмæ Йерусалимы цæрджытæн дæр фехъу-
сын кодтой: фæцæут хохмæ æмæ дзы æрхæс-
сут оливæ бæласы къалиутæ дæр, хъæддаг
оливæ бæласы къалиутæ дæр, мирты къа-
лиутæ дæр, пальмæйы къалиутæ дæр, иннæ
фæтæнсыф бæлæсты къалиутæ дæр æмæ
сæ, фыст куыд у, афтæ халагъудтæ саразут.
16Адæм ацыдысты, къалиутæ æрхастой
æмæ халагъудтæ скодтой: чи — йæ уæлхæ-
дзары, йæ кæрты, чи — Хуыцауы хæдзары
кæртыты, чи — Донхæссæн кулдуары цур
фæзы, чи — Ефремы кулдуары цур фæзы.
17Уацарæй æрбаздæхæг адæмы дзырддзæу-
гæтæ халагъудтæ сарæзтой æмæ халагъуд-
ты цардысты. Сæ цинæн кæрон нал уыди,
уымæн æмæ Нуны фырт Йешуайы бонтæй
уыцы боны онг израилæгтæ афтæ никуыуал
бакодтой. 18Алы бон дæр, фыццаг бонæй
фæстаг бонмæ, Хуыцауы дины чиныг кас-
тысты. Сæ бæрæгбон ахаста авд боны. Æстæм
бон та сын, æгъдаумæ гæсгæ, нысангонд
уыди кадджын æмбырд.

**9** Уыцы мæйы цыппар æмæ ссæдзæм бон
израилæгтæ иумæ æрæмбырд сты. Ком дард-
той, сæ уæлæ сæхъис скодтой, сæ сæртыл
байзæрстой рыг. 2Израилы байзæддæгтæ
сæхи æппæт æцæгæлæттæй фæхицæн код-
той. Лæугæйæ æргом кодтой сæ тæригъæдтæ
æмæ сæ фыдæлты фыдракæндтæ. 3Уыцы иу
ран лæугæйæ, боны цыппæрæм хайы дæргъы
Дунедарæджы, сæ Хуыцауы, Æгъдауы чиныг
кастысты, боны иннæ цыппæрæм хайы та
æргом кодтой сæ тæригъæдтæ æмæ-иу ба-
куывтой Дунедарæгæн, сæ Хуыцауæн.
4Йешуа, Бани, Кадмиел, Шеваниа, Бун-
ни, Шеревиа, Бани æмæ Кенани левитты
бæрзонд лæууæнмæ схызтысты æмæ хъæр
кодтой Дунедарæгмæ, сæ Хуыцаумæ. 5Ле-
виттæ, Йешуа, Кадмиел, Бани, Хашавниа,
Шеревиа, Ходиа, Шеваниа æмæ Петахиа,
дзырдтой: «Слæуут! Стаут Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы, мыггагæй-мыггагмæ! Кад кæ-
нæнт Дæ цытджын номæн, цыфæнды кад
æмæ æппæлдæй стырдæр чи у, уымæн! 6Ды
дæ иунæг Дунедарæг! Ды сфæлдыстай арв,
уæлæрвтæ æмæ æппæт стъалытæ, зæхх æмæ
йыл цыдæриддæр ис, уый, денджызтæ æмæ
дзы цыдæриддæр ис, уыдон! Алцæмæн дæр
цард ды дæттыс! Дæуæн кад кæнынц æппæт
уæларвон æфсæдтæ! 7Ды — Дунедарæг Ху-
ыцау, сæвзæрстай Аврамы. Халдейаг Урæй
йæ ракодтай æмæ йын радтай ном Авраам.
8Иузæрдион Дыл кæй у, уый федтай æмæ

йемæ фидыд сарæзтай: йæ байзæддагæн ын
ханаанæгтæ, хеттæгтæ, аморæгтæ, периззæг-
тæ, йевусæгтæ æмæ гиргашæгты зæххытæ
кæй ратдзынæ, уымæй йын зæрдæ бавæрд-
тай. Æмæ сæххæст кодтай Дæ дзырд, уымæн
æмæ Ды дæ раст Хуыцау. 9Ды федтай нæ
фыдæлты хъизæмæрттæ Мысыры, Сырх ден-
джызы был сын се 'рдиаг фехъуыстай 10æмæ
Ды æмбисондæн хæссыны æвдисæйнæгтæ
æмæ диссæгтæ равдыстай фараоны, йе 'ппæт
цагъарты æмæ йæ бæстæйы æппæт адæмы
раз, уымæн æмæ Ды зыдтай, сæ къæхты бын
нæ куыд кодтой, уый, æмæ уымæй Дæхицæн
ном скодтай абоны онг. 11Нæ фыдæлты раз
денджыз фæцæуын кодтай дыууæрдæм,
æмæ денджызы астæу ацыдысты, сурзæххау,
чи сæ сырдта, уыдоны та, дур хуыдыммæ
ныппарæгау, денджызы арфмæ ныввзылдтай.
12Ды мигъы цæджындзы хуызы сæ сæрмæ
цыдтæ боныгон, æхсæвыгон та сын судзгæ
арты цæджындзы хуызы рухс кодтай сæ
развæд. 13Ды æрхызтæ Синайы хохмæ æмæ
семæ ныхас кодтай уæларвæй. Радтай сын
раст фæдзæхстытæ, рæстдзинады æгъдæут-
тæ, фарны уагæвæрдтæ æмæ барфыстытæ.
14Ды сын бафæдзæхстай Дæ уаз сабаты уа-
гæвæрдтæ æххæст кæнын æмæ сын Дæ лæг-
гадгæнæг Моисейы уылты фехъусын кодтай
Дæ фæдзæхстытæ, Дæ уагæвæрдтæ æмæ Де
'гъдæуттæ. 15Стонг заман сын Ды уæларвæй
лæвæрдтай хойраг, дойныйæ куы мардысты,
уæд сын къæдзæхæй рауагътай дон. Ды сын
загътай, цæмæй ацæуой æмæ сæхи бакæной,
Дæ къух хæрдмæ сисгæйæ, йæ раттыныл ард
кæй тыххæй бахордтай, уыцы зæхх. 16Фæлæ
уыдон хиваст æмæ нæсæттон систы, Дæ фæ-
дзæхстытæ ницæмæ дардтой. 17Дæ коммæ
нæ бакастысты, цы диссæгтæ сын сарæзтай,
уыдон сæ ферох сты. Хивастæй сæхицæн
равзæрстой фæтæджы, цæмæй фæстæмæ
аздæхой Мысырмæ æмæ цагъартæ суой.
Фæлæ Ды дæ барон, фæлмæнзæрдæ, уар-
зæгой, бирæбыхсаг æмæ хæрзаудæнгæнаг
Хуыцау — Ды сыл дæхи нæ атигъ кодтай.
18Кæд сæхицæн джиппы рауагътой уæны-
джы æмæ загътой, мæнæ нæ Мысырæй чи
ракодта, уыцы хуыцау, зæгъгæ, æмæ кæд
æвирхъау цъыфкалæн кодтой, 19уæддæр
сæ Де стыр хорзæхы фæрцы æдзæрæг бы-
дыры нæ ныууагътай: мигъы цæджындз
сæ сæрмæ цыди боныгон æмæ сын амыдта
фæндаг, судзгæ арты цæджындз та — æхсæ-
выгон æмæ рухс кодта сæ развæд. 20Ды сын
балæвар кодтай Дæ хорзæхджын Уд, зонд
сын куыд амона, афтæ. Дæ маннæ дæр сын
нæ байстай æмæ-иу сын сæ дойны басæт-
тынæн дон раттай. 21Дыууиссæдз азы сæ
фæхастай æдзæрæг быдыры, хъуаг ницæмæй
æййæфтой. Сæ дарæс нæ ихсыди, сæ къæхтæ
нæ рæсыдысты. 22Ды сын сæ бар бакодтай
паддзахæдтæ æмæ адæмты, байуæрстай сын
зæхх, æмæ бацахстой Сигоны, Хешбоны пад-
дзахы, зæххытæ, стæй Башаны паддзах Огы
зæххытæ. 23Сæ хъæстæ дæр сын арвы стъа-
лытау сбирæ кодтай æмæ, бацæут æм æмæ
сымах бауыдзæни, зæгъгæ, сæ фыдæлтæн
зæрдæ кæмæй бавæрдтай, уыцы зæхх сын
радтай. 24Сæ байзæддæгтæ бацыдысты æмæ
зæхх сæхи бакодтой. Ды сын уыцы зæххы
цæрджыты, ханаанæгты, басæттын кодтай;
сæ паддзæхтимæ æмæ уыцы бæстæйы цæрæг
адæмтимæ сын сæ радтай сæ къухтæм, цы
уæ фæнды, уый сын кæнут, зæгъгæ. 25Æмæ
уыдон бацахстой фидаргонд сахартæ æмæ
сойджын зæххытæ, сæхи бакодтой алыху-
ызон мулкæй йемыдзаг хæдзæрттæ æмæ
айнæджы риуы къахт донмарæнтæ, сæхи
бакодтой сæндæттæ, оливæ бæлæсты къохтæ
æмæ æнæнымæц дыргъдæттæ. Хордтой,
сæхи æфсæстой, хуыз сæ бацыди, æмæ цар-
дæй къæртт æппæрстой Де стыр хорзæхы
фæрцы. 26Сызмæстой æмæ ралæууыдысты
Дæ ныхмæ, Де 'Гъдауæй Дын се 'ргом аздæх-
той. Уæ Хуыцаумæ скæсут, зæгъгæ, Дæумæ
раздæхыны тыххæй сын чи лæгъстæ кодта,
Дæ уыцы пехуымпарты марыныл нæ ауæрс-
той, Дæуыл цъыф калыныл нæ ауæрстой.
27Ды сæ фыдгулты къухмæ радтай, æмæ сæ
уыдон уынгæг кодтой. Фæлæ-иу удаистæй
Дæумæ куы сдзынæзтой, уæд та-иу сæм Ды
уæларвæй æрыхъуыстай, Де стыр хорзæхмæ
гæсгæ-иу сын ирвæзынгæнджытæ æрæрвыс-
тай æмæ та-иу сæ уыдон се знæгты къухæй
ирвæзын кодтой. 28Сæ уд-иу сæ мидæг куы
æрцыди, уæд та-иу, Дæуæн хъыг чи у, ахæм
митæм бавнæлдтой. Ды та-иу сæ фыдгулты
къухмæ радтай, æмæ сын уыдон æлдари-
уæг кодтой. Фæлæ та-иу ногæй Дæумæ куы
фæсидтысты, уæд та-иу сæм Ды уæларвæй
æрыхъуыстай æмæ сæ Де стыр хорзæхмæ
гæсгæ бирæ хæттыты фервæзын кодтай.
29Фæдзæхстай сæ, цæмæй сæ Де 'Гъдаумæ
раздахай, фæлæ-иу уыдон хиваст уыдысты
æмæ нæ хъуыстой Дæ фæдзæхстытæм, аф-
тæмæй та Дæ уагæвæрдтæ, чи сæ æххæст
кæны, уыдонæн царддæттæг сты. Хиваст
æмæ нæсæттон уыдысты, хъусын сæ нæ фæн-
дыди. 30Се 'ргом Дæм раздахдзысты, уымæ
æнхъæлмæ кæсгæйæ, Ды уыдонæн бирæ
азты фæбарстай. Фæдзæхстай сæ Дæ Уды

фæрцы — Дæ пехуымпарты уылты, фæлæ
уыдон нæ хъуыстой, æмæ сæ Ды æцæгæлон
адæмты къухтæм радтай. 31Фæлæ сæ уæддæр,
рæстаудæг æмæ барон Хуыцау, Де стыр хор-
зæх уыди, æмæ сæ бахызтай бындзагъдæй,
нæ сæ ныууагътай. 32О нæ Хуыцау! Стыр,
хъомысджын æмæ тасæфтауæг, Йæ Фидыд
Чи нæ рох кæны, уыцы рæстаудæг Хуыцау!
Ныр нын фагыл банымай, нæхæдæг, нæ
паддзæхтæ, нæ фæтæгтæ, нæ сауджынтæ,
нæ пехуымпартæ, нæ фыдæлтæ æмæ Дæ
адæм иууылдæр ассириаг паддзæхты за-
манæй абоны онг цы хъизæмæрттæ фев-
зæрстой, уыдон. 33Цыдæриддæр ныл æрцыд,
уыдæттæй ды раст уыдтæ, уымæн æмæ Ды
уыдтæ иузæрдион, мах та фыдракæндтæ
фæкодтам. 34Нæ паддзæхтæ, нæ фæтæг-
тæ, нæ сауджынтæ æмæ нæ фыдæлтæ не
'ххæст кодтой Де 'Гъдау, нæ хъуыстой, Ды сын
кæй бафæдзæхстай, уыцы фæдзæхстытæм
æмæ уагæвæрдтæм. 35Де стыр хорзæхæй
хайджын уæвгæйæ, суанг сæ паддзахады
дæр, Ды сын кæй рахицæн кодтай, уыцы
парахат æмæ сойджын зæххыл нæ лæггад
кодтой Дæуæн æмæ сæ фыдракæндтæ нæ
ныууагътой. 36Æмæ цагъартæ систæм ныр.
Ды нæ фыдæлтæн кæй радтай, — цæмæй
йæ тыллæг æмæ йæ бæркадæй æфсæдой, —
уыцы зæххыл цагъартæ систæм. 37Йæ бирæ
бæркад, нæ тæригъæдты аххосæй нæ Ды
кæй дæлбар бакодтай, уыцы паддзæхтæм
æрхауы. Нæхиуыл дæр æмæ нæ фосыл дæр
сæ бар цæуы. Цы сæ фæнды, уый кæнынц,
уынгæджы бон ныл акодта.
38Æппæт уыдæтты тыххæй мах аразæм
бардзырд, йæ быны сæ къухтæ æвæрынц
æмæ фыст афтæмæй фидар кæнынц нæ фæ-
тæгтæ, левиттæ æмæ сауджынтæ».

**10** Мыхуыртæ сæвæрдтой: Хакалиайы
фырт Неемиа, бæстыхицау, æмæ Цедекиа;
2Серай, Азариа, Йеремиа, 3Пашхур, Амариа,
Малкиа, 4Хаттуш, Шеваниа, Маллух, 5Харим,
Меремот, Овадиа, 6Даниил, Гинетон, Барух,
7Мешуллам, Авийа, Миамин, 8Маазиа, Бил-
гай, Шемайа.
9Левиттæ: Азаниайы фырт Йешуа; Хена-
дады байзæддæгтæй: Биннуй, Кадмиел; 10се
'фсымæртæ Шеваниа, Ходиа, Келита, Пелаиа,
Ханан, 11Миха, Рехов, Хашавиа, 12Заккур,
Шеревиа, Шеваниа, 13Ходиа, Бани, Бенину.
14Адæмы хистæртæ: Парош, Пахат-Мо-
ав, Елам, Затту, Бани, 15Бунни, Азгад, Бева,
16Адониа, Бигвай, Адин, 17Атер, Езекиа, Азур,
18Ходиа, Хашум, Бецай, 19Хариф, Анатот,
Невай, 20Магпиаш, Мешуллам, Хезир, 21Ме-
шезавел, Цадок, Йадуа, 22Пелатиа, Ханан,
Анайа, 23Осиа, Хананиа, Хашшув, 24Хал-
лохеш, Пилха, Шовек, 25Рехум, Хашавна,
Маасеа, 26Ахийа, Ханан, Анан, 27Маллух,
Харим, Баана.
28Иннæ адæм: сауджынтæ, левиттæ,
дуаргæстæ, зарæггæнджытæ, Кувæндоны
кусджытæ — æндæрбæстаг адæмтæй чи
фæхицæн æмæ Хуыцауы Æгъдау чидæ-
риддæр райста, уыдон æд устытæ æмæ,
сæ цотæй æмбарынхъом чи уыди, уыцы
лæппутæ æмæ чызджытимæ. 29Иууылдæр
израилæгты дзырддзæугæдæрты фарсмæ
æрбалæууыдысты. Ард бахордтой æмæ со-
мы ракодтой, Хуыцауы Æгъдаумæ, Хуыцауы
цагъар Моисейы къухæй лæвæрд чи у, уымæ
гæсгæ кæй цæрдзысты, Дунедарæджы, нæ
Хуыцауы, фæдзæхстытæ, Йе 'гъдæуттæ æмæ
амындтытæ иууылдæр лæмбынæг кæй æх-
хæст кæндзысты; 30сæ чызджыты æцæгæлон
адæмтæм моймæ кæй нæ дæтдзысты æмæ
сын сæ чызджыты та сæ фырттæн кæй нæ
курдзысты; 31æцæгæлон адæмтæ исты уæй
кæнынмæ æрбаластой сабаты, зæгъæ, уæд
сын дзы сабаты дæр æмæ бæрæгбоны дæр
кæй не 'лхæндзысты; цыфæнды хæс ма уæд,
æвдæм аз-иу æй сæ хæсджынæн кæй ныббар-
дзысты, стæй ма — æвдæм аз зæххæн улæ-
фыны фадат кæй дæтдзысты, уый тыххæй.
32Ноджы ма нæхицæн фæткыл банымадтам,
нæ Хуыцауы хæдзар хъуаг цæмæй æййафа,
уыдæттæн афæдз шекелы æртыккаг хай дæт-
тын: 33æрвылбоны хойраджы хуынтæн æмæ
æрвылбоны иууылсудзинæгтæн; сабæттæн;
мæйногтæн; бæрæгбæттæн; Кувæндоны
уаз дзауматæн; Израилы йæ тæригъæдтæй
ссыгъдæг кæныны тыххæй нывондæгтæн
æмæ, нæ Хуыцауы хæдзары лæггад кæнынæн
цыдæриддæр хъæуы, уыдæттæн.
34Сауджынтæ, левиттæ æмæ дзыллæ хæлт-
тæ сæппæрстой, нысангонд рæстæгмæ нæ
хæдзарвæндæгтæй суг кæцы хъуамæ æрба-
ласа нæ Хуыцауы хæдзармæ, уый тыххæй,
цæмæй, Æгъдауы куыд фыст ис, афтæ, арт
судза Дунедарæджы, нæ Хуыцауы, нывонд-
хæссæныл. 35Нæхицæн фæткыл банымадтам
алы аз дæр нæ хуымты бæркад æмæ дыргъы
сæртæй Дунедарæджы хæдзармæ хæссын.
36Ноджы ма нæ Хуыцауы хæдзары лæггадгæ-
нæг сауджынты къухмæ хъуамæ, Æгъдаумæ
гæсгæ, раттæм нæ хистæр фыртты, стæй нæ
стурвос æмæ фысвосы сæртæ. 37Нæ хоры
фыццаг ссадæй хуын, нæ дыргътæй, нæ сæн
æмæ сойæ сауджынтæн сæ хай хæсдзыстæм,

нæ Хуыцауы хæдзары цур цы къæбицтæ ис,
уырдæм. Нæ зæххы бæркады дæсæймаг хай
та — левиттæн. Левитты уыдзæн нæ тыл-
лæджы дæсæймаг хай, нæ сахартæй зæххы
куыст кæмдæриддæр чындæуы, уым. 38Цы
дæсæймаг хай сын æмбæлы, уый куы исой
левиттæ, уæд сæ разы лæудзæни сауджын,
Аароны байзæддаг, сæ дæсæймаг хайы дæ-
сæймаг хай левиттæ нæ Хуыцауы галуан-
мæ, къæбицы уæттæм куыд ласой, афтæ.
39Уымæн æмæ уыцы уæттæм израилæгты
æмрæнхъ левиттæ дæр хъуамæ хæссой ху-
ынтæ: дзул, сæн æмæ сой. Уым сты кувæн
мигæнæнтæ, лæггадгæнæг сауджынтæ, дуар-
гæстæ æмæ зарæггæнджытæ дæр. Мах нæ
Хуыцауы хæдзар нæ ныууадздзыстæм.

**11** Адæмы хицæуттæ æрцардысты Йеруса-
лимы, иннæ адæм та хæлттæ сæппæрстой,
цæмæй дæс адæймагæй иу Йерусалимы уаз
сахармæ цæрынмæ ацæуа, фарастæй та иннæ
сахарты баззайой. 2Адæм арфæ ракодтой,
барвæндæй Йерусалимы æрцæрынил чи
сразы ис, уыдонæн се ’ппæтæн дæр.

3Йерусалимы æрцардысты бæстæйы хи-
цæуттæ, Иудейы сахарты та: израилæгтæ,
сауджынтæ, левиттæ, Кувæндоны кусджы-
тæ æмæ Соломоны цагъарты байзæддæгтæ,
алчи — йæхи зæххы хайыл.

4Йерусалимы цардысты Иудæ æмæ Бениа-
мины байзæддæгтæ. Иудæйы цотæй: Атаиа,
Узийайы фырт, Захариайы фырт, Амариайы
фырт, Шефатийы фырт, Махалаелы фырт,
Пареццы байзæддæгтæй, 5æмæ Маасеа, Бару-
хы фырт, Кол-Хозейы фырт, Хазаиайы фырт,
Адайайы фырт, Иоаривы фырт, Захариайы
фырт, Шелайы фырт. 6Парецы байзæддæг-
тæй Йерусалимы ædæппæтæй царди цып-
парсæдæ æхсай аст нымад адæймаджы.

7Бениамины байзæддæгтæ: Саллу, Мешул-
ламы фырт, Иоеды фырт, Педаиайы фырт,
Колайы фырт, Маасеайы фырт, Итиелы фырт,
Йесаиайы фырт, 8Йæ фæстæ та — Габбай
æмæ Саллай. Æдæппæтæй — фарастсæдæ
дыууын аст. 9Зихрийы фырт Иоел сын уыди
хицау, Сенуайы фырт Иудæ та уыди сахары
дыккаг адæймаг.

10Сауджынтæ: Иедайа, Иоаривы фырт, Йа-
хин, 11Серай, Хилкиайы фырт, Мешулламы
фырт, Цадокы фырт, Мерайоты фырт, Ахиту-
вы фырт, хицауиуæг кодта Хуыцауы галуаны,
12æмæ се ’фсымæртæ, Хуыцауы галуаны
кусджытæ. Æдæппæтæй — астсæдæ дыууын
дыууæ; Адайа, Йерохамы фырт, Пелалиа-
йы фырт, Амцийы фырт, Захариайы фырт,
Пашхуры фырт, Малкиайы фырт 13æмæ йе
’фсымæртæ, хæдзарвæндæгты хистæртæ.
Æдæппæтæй — дыууæсæдæ цыппор дыу-
уæ; æмæ Амашсай, Азарелы фырт, Ахзайы
фырт, Мешиллемоты фырт, Иммеры фырт,
14æмæ йе ’фсымæртæ. Æдæппæтæй — сæдæ
дыууын аст, ахъаззаджы адæймæгтæ. Хицау
сын уыди Хагдолимы фырт Забдиел.

15Левиттæй: Шемайа, Хашшувы фырт, Аз-
рикамы фырт, Хашавиайы фырт, Буннийы
фырт, 16æмæ Шабтай æмæ Йозавад — Хуы-
цауы хæдзары æдде цы хъуыддæгтæ уыди,
уыдон æххæстгæнæг левитты хистæртæй,
17æмæ Маттаниа, Михайы фырт, Завдийы
фырты фырт, Асафы фыртæн йæ фырты
фырт, кувыны рæстæг сæйраг куывдамонæг;
йæ фæстæ йе ’фсымæртæй дыккаг зарæг-
гæнæг — Бакбукиа, стæй Авда, Шаммуа-
йы фырт, Галалы фырты фырты, Йедутуны
фыртæн йæ фырты фырт. 18Сыгъдæг сахары
левиттæй æдæппæт уыди дыууæсæдæ æстай
цыппар. 19Дуаргæстæ: Аккув, Талмон æмæ
се ’фсымæртæ, хъахъхъæдтой кулдуæрттæ.
Уыдысты сæдæ æвдай дыууæ.

20Иннæ израилæгтæ, сауджынтæ æмæ
левиттæ цардысты Иудейы æппæт сахарты,
алчи — йæхи зæххы хайыл.

21Кувæндоны кусджытæ та цардысты Офе-
лы. Сæ хистæртæ уыдысты Циха æмæ Гишпа.

22Йерусалимы левитты хистæр уыди Уззи,
Банийы фырт, Хашавиайы фырт, Маттаниа-
йы фырт, Михайы фырт. Уый уыдис Асафы
байзæддаг, уазлæггады рæстæг Хуыцауы
хæдзары заргæ чи кодта, уыдоны мыггагæй.
23Уыдонæн æмæ зарæггæнджытæн, пад-
дзахы сæрмагонд фæдзæхстмæ гæсгæ, алы
бон дæр æмбæлди бæрæг хардз. 24Петахиа,
Мешезабелы фырт, Иудæйы фырт Зарахы
байзæддæгтæй иу, паддзахы æууæнчы лæг
уыдис æмæ адæмимæ баст алы хъуыддæгтæ
йæ бæрны уыдысты.

25Хъæуты чи царди, сæ быдырты, уыдонæй
Иудæйы фырттæ цардысты Кирйат-Арба æмæ
йæ дæлбар сахарты, Дивон æмæ йæ дæлбар са-
харты, Иекавцел æмæ йæ хъæуты, 26Иешуайы,
Моладайы æмæ Бет-Пелеты, 27Хацар-Шуалы,
Беер-Шевæйы æмæ йæ алфамбылай хъæуты,
28Циклагы, Мехонайы æмæ йæ алфамбылай
хъæуты, 29Ен-Риммоны, Цорайы æмæ Йар-
муты, 30Заноахы, Адулламы æмæ сæ алыварс
хъæуты, Лахишы æмæ йæ алывæрсты, Азе-
кайы æмæ йæ алфамбылай хъæуты æрбынат
кодтой Беер-Шевæйæ Хинномы дæлвæзы онг.
31Бениамины байзæддæгтæ — Гевæйæ
райдай æмæ Михмасы, Айайы, Вефилы æмæ

йæ алфамбылай хъæуты, 32Анатоты, Новы,
Ананиайы, 33Хацоры, Рамайы, Гитаимы,
34Хадиды, Цевоимы, Неваллаты, 35Лоды,
Онойы, Харашимы дæлвæзы.

36Иудæйы зæххы цæрæг левиттæн сæ иу
хай цæрынмæ æрвыст æрцыдысты Бениа-
мины зæххытæм.

**12** Шеалтиелы фырт Зоровавел æмæ Йешу-
аимæ уацарæй æрбаздæхтысты сауджынтæ
æмæ левиттæ.

Сауджынтæ: Серай, Йеремиа, Езра, 2Ама-
риа, Маллух, Хаттуш, 3Шеханиа, Рехум, Ме-
ремот, 4Иддо, Гинетой, Авийа, 5Миамин,
Маадиа, Билга, 6Шемайа, Иоарив, Иедайа,
7Саллу, Амохъ, Хилкиа, Иедайа. Уыдон —
алчер Йешуайы рæстæджы сауджынты хис-
тæртæ æмæ се 'фсымæртæ.

8Левиттæ: Йешуа, Биннуй, Кадмиел, Шере-
виа, Иудæ, кады зарæг кæнгæйæ сæйраг чи у,
уыцы Маттаниа йæхæдæг æмæ йе 'фсымæр-
тæ, 9Бакбукиа æмæ Унни та, се 'фсымæртæ,
семæ æмзард кодтой иннæ къорды.

10Йешуайæ райгуырди Иоаким, Иоакимæй —
Елиашив, Елиашивæй райгуырди Иоада, 11Ио-
адайæ — Йонатан, Йонатанæй — Йадуа.

12Иоакимы рæстæг сауджынтæ, хæдзар-
вæндæгты хистæртæ, уыдысты: Серайы
хæдзары — Мерайа, Йеремиайы хæдзары —
Ханаииа, 13Езрайы хæдзары — Мешуллам,
Амариайы хæдзары — Йоханан, 14Маллу-
хийы хæдзары — Йонатан, Шеваниайы хæ-
дзары — Йосеф, 15Харимы хæдзары — Адна,
Мерайоты хæдзары — Хелкай, 16Иддойы
хæдзары — Захариа, Гинетоны хæдзары —
Мешуллам, 17Авийайы хæдзары — Зихри,
Миниамины хæдзары, Моадиайы хæдза-
ры — Пилтай, 18Билгайы хæдзары — Шаммуа,
Шемайайы хæдзары — Йонатан, 19Иоаривы
хæдзары — Маттенай, Иедайайы хæдзары —
Уззи, 20Саллуйы хæдзары — Каллай, Амокы
хæдзары — Евер, 21Хилкиайы хæдзары — Ха-
шавиа, Иедайайы хæдзары — Нетанел.

22Левиттæ, хæдзарвæндæгты хистæртæ,
номхыгъдмæ хаст æрцыдысты алчертæ Ели-
ашив, Иоада, Йоханан æмæ Йадуайы рæстæ-
джыты, сауджынты мыггæгтæ та — Персаг
Дарийы паддзахиуæджы заман.

23Левийы фырттæ, хæдзарвæндæгты хис-
тæртæ, азфыстмæ хаст æрцыдысты Елиаши-
вы фырт Йохананы рæстæджы онг. 24Левитты
хистæртæ: Хашавиа, Шеревиа, Кадмиелы
фырт Йешуа се 'фсымæртимæ арфæйы рæс-
тæг кады зарджытæ хъуамæ зарой, Хуыцауы
уарзон адæймаг Давиды амындмæ гæсгæ,
кæрæдзийы ивгæйæ. 25Маттаниа, Бакбукиа,
Овадиа, Мешуллам, Талмон, Аккув — хъахъ-
хъæнджытæ, кулдуæртты раз æфснайæн
бынæтты хъахъхъæнджытæ.

26Уыдон цардысты Иоакимы, Иоцадакы
фырт Йешуайы фырты рæстæджы, облæсты
хицау Неемиа æмæ динамонæг Езра-сау-
джыны рæстæджы.

27Йерусалимы сис срухс кæныны рæстæг
левиттæм фæсидтысты æмæ сæ Йерусалим-
мæ 'рбацæуын кодтой сæ цæрæн бынæттæй,
цæмæй, Дунедарæгæн кад кæнгæйæ, скувой
æмæ хъæлдзæг бæрæгбон скæной зард æмæ
далатæ, дыууадæстæнонты, хъисфæндырты
цагъдимæ. 28Зарæггæнджыты хæдзарвæн-
дæгтæ æрбамбырд сты Йерусалимы зылд
æмæ Нетофы хъæутæй; 29Бет-Гилгал, Гевæ
æмæ Азмаветы быдыртæй, уымæн æмæ
уыцы зарæггæнджытæ æрцардысты Йеруса-
лиммæ хæстæг. 30Сауджынтæ æмæ левиттæ
сæхи дæр æмæ адæмы дæр ссыгъдæг кодтой,
ссыгъдæг кодтой кулдуæрттæ æмæ къул дæр.

31Уæд æз Иудейы хицæутты ахуыдтон
сисы сæрмæ. Зарæггæнджыты дыууæ стыр
къорды цæуынæввонг æрлæууын кодтон.
Къордтæй иу сисы сæрты араст рахизæрдæм,
Фаджыскалæн кулдуары 'рдæм. 32Йæ фæстæ
араст сты Хошаи æмæ Иудейы хицæуттæн
се 'мбис, 33Азариа, Езра æмæ Мешуллам,
34Иудæ, Бениамин, Шемайа æмæ Йеремиа.
35Уым уыдысты сауджынтæ хæтæлтимæ
æмæ Йонатаны фырт Захариа (йæ фыдæлтæ
кæстæрæй хистæрмæ: Шемайа, Маттаниа,
Миха, Заккур, Асаф) 36æмæ йе 'фсымæртæ:
Шемайа, Азарел, Милалай, Гилалай, Ма-
ай, Нетанел, Иудæ, æмæ Ханани Хуыцауы
æвзæрст лæг Давиды уадынгæрзтимæ, сæ
разæй — динамонæг Езра. 37Суадоны кулду-
ары раз, сис Давиды сахармæ кæм фæхæрд
кодта, уым уæлæмæ сæ фæндаг адардтой
æмæ Давиды хæдзары сæрты бахæццæ сты
Донхæссæн кулдуармæ скæсæнæрдыгæй.

38Зарæггæнджыты дыккаг къорд сисыл
цыди сæ ныхмæ, сæ фæдыл та адæмы иннæ
хаимæ цыдтæн æз: Пецы мæсыджы рæзты
Фæтæн сисы онг. 39Фæтæн сисæй нæ фæндаг
цыди Ефремы кулдуармæ, Зæронд кулдуары
рæзты æрцыдыстæм, Кæсаджы кулдуарыл
ахызтыстæм, Хананелы мæсыг æмæ Сæ-
дæйы мæсыджы цурты Фысвосы кулдуар-
мæ æрхæццæ стæм æмæ æрлæууыдыстæм
Хъахъхъæнджыты кулдуары раз.

**12:39** Чиныджы æртыккаг сæры (3:31) ацы кулдуар схуыидæуыд Цæстдарджыты кулдуар, фæлæ цæуы уыцы иу кулдуары кой.

40Уый фæстæ зарæггæнджыты дыууæ
къорды дæр Хуыцауы хæдзары раз æрлæу-
уыдысты, семæ — æз, хицæуттæн се ’мбис
41æмæ сауджынтæ: Елиаким, Маасеа, Мини-
амин, Миха, Елйоенай, Захариа, Ханаииа сæ
сыкъа хæтæлтимæ; 42æмæ семæ — Маасеа,
Шемайа, Елеазар, Уззи, Йоханан, Малкиа,
Елам æмæ Езер. Хъæрæй зарыдысты, зарæг-
гамонæг та сын уыди Израхиа. 43Уыцы бон
бирæ нывæндтæ æрхастой æмæ хъæлдзæг
уыдысты, уымæн æмæ сын Хуыцау стыр цин
æрхаста. Сылгоймæгтæ дæр æмæ сабитæ
дæр хъæлдзæг уыдысты. Йерусалимы цины
хъæртæ дардмæ хъуыстысты.

44Уыцы бон, хоры сæртæ æмæ дæсæй-
маг хæйттæ кæдæм хæсгæ уыдысты, уыцы
къæбицты цур сæрмагонд лæгтæ лæууыд,
цæмæй, æгъдаумæ гæсгæ сауджынтæ æмæ
левиттæн цы хæйттæ ’мбæлы, уыдон сахары
алыварс цæрæг зæхкусджытæй æмбырд кæ-
ной. Уымæн æмæ иудейæгтæ цин кодтой сау-
джынты æмæ левитты уазлæггадыл. 45Уыдон
уыдысты зарæггæнджытæ æмæ дуаргæстæ,
уазлæггад кодтой сæ Хуыцауæн, архайдтой
сыгъдæг кæныны хъуыддæгты, Давид æмæ
йæ фырт Соломонæй куыд фæдзæхст уыди,
афтæ. 46Уымæн æмæ раджы, Давиды æмæ
Асафы рæстæджыты, амынд æрцыдысты
зарæггæнджыты сæргълæуджытæ æмæ Ху-
ыцауы стыд æмæ арфæйы зарджытæ. 47Зо-
ровавелы рæстæг æмæ Неемиайы рæстæг
израилæгтæ иууылдæр зарæггæнджытæн
æмæ дуаргæстæн лæвæрдтой сæ боны хардз,
левиттæн сæ уаз хай лæвæрдтой, левиттæ та
дзы хай кодтой Аароны фырттæн.

**13** Уыцы бон æппæт дзыллæйы раз хъæрæй
кастысты Моисейы чиныг. Уым фыст уыди,
аммонаг æмæ моавагæн Хуыцауы адæмы
æхсæнмæ бацæуæн нæй, зæгъгæ, 2уымæн
æмæ уыдон израилæгтыл дзул æмæ дони-
мæ нæ сæмбæлдысты, фæлæ сын сæ ныхмæ
баххуырстой Балаамы, цæмæй сæ ралгъита,
фæлæ уыцы фыдæлгъыст нæ Хуыцау раивта
арфæйæ.

3Æгъдауы ныхæстæ фехъусгæйæ, адæм
æцæгæлæтты се ’ппæты дæр израилæгтæй
фæхицæн кодтой. 4Уымæй размæ та, нæ
Хуыцауы хæдзары уæттæм йæ цæст чи дард-
та, уыцы сауджын Елиашив йæ хæрз хион
Тобиайæн 5рахицæн кодта стыр уат; уæды
онг дзы æфснайдтой хойраджы хуынтæ,
буд æмæ мигæнæнтæ, ноджы ма левиттæ,
зарæггæнджытæ æмæ дуаргæстæм æгъдау-
мæ гæсгæ цы хойраг хауди, уый, сæн æмæ
сойы дæсæймаг хæйттæ, стæй, сауджынтæн
кæй хастой, уыцы хуынтæ. 6Уыцы рæстæг
æз Йерусалимы нæ уыдтæн: Вавилоны пад-
дзах Артаксерксы паддзахиуæгыл дыууадæс
æмæ ссæдз азы куы сæххæст ис, уæд æм
фæцыдтæн. Цалдæр боны фæстæ дзы мæхи
фæстæмæ ракуырдтон. 7Йерусалиммæ куы
æрбаздæхтæн æмæ куы фехъуыстон, Елиа-
шив Тобиайæн Хуыцауы хæдзары кæрты уат
радта, уый, 8уæд мæстæй рафыхтæн æмæ
Тобиайы хæдзары дзаума иууылдæр æддæ-
мæ раппæрстон. 9Бафæдзæхстон, агъуыст
сыгъдæггонд куыд æрцæуа æмæ Хуыцауы
галуаны мигæнæнтæ, хойраджы хуынтæ
æмæ буд фæстæмæ уырдæм хаст куыд æр-
цæуой, афтæ.

10Уымæй уæлдай ма базыдтон, левиттыл
сæ хай кæй нæ сæмбæлы æмæ уымæ гæсгæ
левиттæ æмæ зарæггæнджытæй алчи ам
лæггад кæныны бæсты йæ хуымы куыст
бакæнынмæ кæй азгъордта, уый. 11Уый тых-
хæй æз бауайдзæф кодтон, хистæрад кæй
бæрны уыди, уыдонæн, æдзæллагæй цæ-
мæн ныууагътам Хуыцауы хæдзар, зæгъгæ.
Æрæмбырд кодтон левитты æмæ сæ алкæй
йæ бынаты сæвæрдтон. 12Уыйадыл иудейæг-
тæ иууылдæр хор, сæн æмæ сойы дæсæймаг
хæйттæ къæбицтæм хæссын райдыдтой.
13Къæбицгæстæй сæвæрдтой сауджын Ше-
леми, динамонæг Цадок æмæ левит Педа-
иайы, семæ ма æххуысгæнæгæй — Хананы,
Маттаниайы фырт Заккуры фырты, уымæн
æмæ æууæнкджын адæмыл нымад уыдыс-
ты. Бафæдзæхстон сын, се ’фсымæртæм цы
хæйттæ хауы, уыдон сын куыд уарой.

14Æппæт уыдæттæ мын бахъуыды кæн,
мæ Хуыцау, æмæ, мæ Хуыцауы хæдзар æмæ
уымæн лæггад кæныны тыххæй цы биноныг
хъуыддæгтæ сарæзтон, уыдон мын нымад
æрцæуæнт! 15Уыцы бонты æз федтон: сабаты
Иудейы сæн дыгътой, куыристæ ластой æмæ
хæрджытыл сæн, сæнæфсир, легъуи æмæ
æндæр уæргътæ æвæрдтой. Сабаты æппæт
уыдæттæ Йерусалиммæ ластой. Тæккæ уыцы
бон сын æз карзæй загътон, цæмæй сабаты
мацы уæй кæной. 16Иудейы цæрæг тирæгтæ
дæр ластой кæсаг æмæ æндæр уæйыйæгтæ
æмæ сæ сабатбон уæй кодтой Иудейы æмæ
Йерусалимы цæрджытæн. 17Æз бауайдзаф
кодтон Иудейы уæздæттæн, ахæм æвзæр ми-
тæ уæ сæрмæ цæмæн хæссут æмæ сабаты бон
цæмæн чъизи кæнут, зæгъгæ. 18Уæ фыдæлтæ
дæр, зæгъын, раст афтæ кодтой, æмæ Хуыцау
уымæн сæвæрдта Йæ бæллæх махыл дæр
æмæ ацы сахарыл дæр. Ныр сымах та сабат

чъизи кæнут æмæ уымæй ноджы тынгдæр
Хуыцауы мæсты кæнут уæхимæ.

19Уый фæстæ, сабаты размæ, изæрдалынг-
ты Йерусалимы сахары кулдуар сæхгæнын
кодтон æмæ загътон, сабат цалынмæ ахи-
цæн уа, уæдмæ йæ æхгæдæй куыд дарой.
Мæ адæмæй ма кулдуары раз хъахъхъæн-
джытæ дæр сæвæрдтон, сабатбон мидæмæ
куыд ницы æрбахастæуа, афтæ. 20Афтæ-
мæй сæудæджертæ æмæ алы базайрæгты
уæйгæнджытæ Йерусалимы сисы æдде иу-
дыууæ хатты бахсæвиуат кодтой. 21Æз сын
рагацау фæдзæхстон, дзæгъæлы æхсæвиуат
кæнут къулы рæбын, зæгъгæ. Искуы ма
афтæ куы бакæной, уæд тæрхоны раз кæй
æрлæудзысты, уымæй сын зæрдæ бавæрд-
тон. Уæдæй фæстæмæ сабаты никуыуал
æрбацыдысты.

22Левиттæн загътон, цæмæй сæхи ссыгъ-
дæг кæной æмæ кулдуары раз хъалагъур
æрлæууой, сабаты бон уаз куыд уа, афтæ.
Уыдæттæ дæр мын ма ферох кæн, мæ Хуыцау,
æмæ мын ныххатыр кæн Де стыр хорзæхы
фæрцы!

23Уыцы бонты ма æз федтон, ашдодаг,
аммонаг æмæ моаваг сылгоймæгтæ чи раку-
ырдта, ахæм иудейæгты. 24Уыдонæн сæ цот
аздæхтысты ашдодаг кæнæ æндæр адæмты
хæццæ æвзагыл дзурынмæ, иудейагау та
нæ зонынц. 25Уый тыххæй æз семæ схъау-
гъа дæн, ралгъыстон сæ, кæйдæрты дзы
нæмгæ дæр ракодтон, сæ сæрыхъуынтæй
сæ фæралас-балас кодтон æмæ сын загътон,
цæмæй Хуыцауæй басомы кæной, сæ чыз-
джыты æцæгæлон адæмтæм моймæ кæй
нал дæтдзысты, уыдоны чызджыты та сæ-
хицæн дæр æмæ сæ фырттæн дæр кæй нал
курдзысты. 26Уыдæтты тыххæй, зæгъын,
нæ фæтæригъæдджын ис Израилы паддзах
Соломон? Ахæм паддзах иунæг адæммæ
дæр нæ уыди. Йæ Хуыцау æй уарзта æмæ
йæ æппæт израилæгтæн паддзах скодта,
фæлæ йæ æндæрбæстаг сылгоймæгтæ фæ-
тæригъæдджын кодтой. 27Æмæ ныр, ахæм
æвирхъау фыддзинад кæй кæнут, нæ Хуы-
цауы раз тæригъæды кæй цæут æмæ æцæ-
гæлон сылгоймæгты кæй курут, мах хъуамæ
уымæ хъусæм!

28Иоадайы байзæддæгтæй дæр иу, алчер
Елиашивы фырт, хоронаг Санбаллаты сиахс
уыди, æмæ йæ уый тыххæй æз мæ цурæй
фæтардтон. 29Ма сын ныббар, мæ Хуыцау,
сауджыны ном цæсты кæй бафтыдтой æмæ
сауджын æмæ левиты ардбахæрд кæй фе-
хæлдтой, уый!

30Афтæ ссыгъдæг кодтон сауджынтæ æмæ
левитты æппæт æцæгæлон чъизитæй, æмæ
сæ алкæй дæр ногæй бафтыдтон йæ куыс-
тыл. 31Батыхстæн, цæмæй суг дæр афоныл
уа æмæ хоры сæртæ дæр.

Ма мæ рох кæн, о мæ Хуыцау, хорз мын
ракæн!

# Естеры чиныг

Естеры чиныджы ныхас цæуы, иудейаг адæм, бындзагъд фæуыны тас сын кæмæй уыд, уыцы Персайнаг-Мидиаг империйы азарæй куыд фервæзтысты, ууыл. Уыцы рæстæг (н. д. а. V æнусы) Персайнаг-Мидиаг империйы къухы уыди бирæ зæххытæ, Индийы арæнтæй Мысыры онг. Персайнæгтæ Вавилойнаг импери куы басастой (н. д. а. 539 аз), уæд дзы дзуттæгтæй уацары чи црд, уыдонæн радтой сæ фыдызæхмæ аздæхыны бар. Фæлæ бирæтæ уыцы барæй не спайда кодтой æмæ æцæгæлон бæстæйы цæргæйæ баззадысты. Паддзахы галуаны уыдонæй чидæртæ стыр бынæттæ ахстой.

Дзуттæгты дин æмæ традицитæ хицæн кодтой æндæр адæмты ’гъдæуттæй, æмæ сæм уыдон арæх знаджы цæстæй кастысты. Афтæ зынди, цыма ацы хатт аирвæзæн нал ис: æппæт дзуттæгты дæр фесафынвæнд скодта, паддзахады дыккаг лæг чи уыди, уый — Аман. Фæлæ паддзахы ус Естер йæхæдæг дæр уыдис иудейаг, æмæ ирвæзын кæны йæ адæмы. Естер архайы, сылгоймагыл куыд фидауы, афтæ — фæлмæнæй. Уый лæгæй-лæгмæ знæтæй нæ ныллæуы йе знагмæ, фæлæ сабыргай паддзахы сразы кæны йæ фæндоныл. Естерæн йæ зондамындæй æххуыс кæны йæ куырыхон схъомылгæнæг Мардохей.

Бафиппайын хъæуы уый, æмæ ацы чиныджы дзуттаг тексты Хуыцауы номæн йæ кой дæр нæй, раст цыма персайнаг паддзахы галуанты цард, цымыдисаг цаутæй хъæздыг истори йеддæмæ ницы у, уыйау. Фæлæ, цаутæ цæхгæр куыд аивынц, уымæй чиныджы зыны, Хуыцауы бон кæй у историйы архайын æмæ йын йæ цыд фендæрхуызон кæнын, мах Йæ кой куы нæ кæнæм, уæд дæр. Дзуттæгтæ абоны онг дæр сæ историйы уыцы ахадгæ цау бæрæг кæнынц Пуримы бæрæгбоны — уæд фæкæсынц ацы чиныг.

---

**1** Ксерксы заманы уыди уый, йæ паддзахад — сæдæ дыууын авд бæстæйы — Индийæ
Эфиопимæ кæмæн æххæссыд, уыцы Ксерксы.
2Уæд Ксерксы паддзахы бадæн Шушаны
уыди. 3Паддзах куы сси, уымæн йе ’ртыккаг
аз Ксеркс куывд скодта, йæ уæздæттæ æмæ
йæ фæсдзæуинты иууылдæр фæхуыдта. Уым
уыдысты персайнаг æмæ мидиаг æфсæддон
разамонджытæ, уæздæттæ, йæ паддзахады
бæстыхицæуттæ. 4Æнæхъæн сæдæ æстай
боны дæргъы Ксеркс йæ паддзахады бирæ
мулк æвдыста, йæ диссаджы исбонæй æппæлыд. 5Уыцы бадт куы ахицæн ис, уæд та
Шушаны цæрджытæн хъæздыгæй, мæгуырæй, паддзахы дыргъдоны фынгтæ равæрын
кодта æмæ сæ иннабонæй-иннабонмæ фæхынцта. 6Сæ сæрмæ урс æмæ æрвхуыз гæн
хъуымæцтæ æвзист хъæйвантæм æмæ урс
мраморæй конд цæджындзтæм фидаргонд
уыдысты урс, лыстæг гæнæй конд, стæй
сæнт сырх синæгтæй. Сыгъзæрин æмæ æвзист бадæнтæ лæууыдысты порфир, мрамор,
æргъæу æмæ æндæр зынаргъ дуртæй конд
астæрдыл. 7Нозтытæн æрæвæрдтой алыхуызон сыгъзæрин нуазæнтæ. Таучел æмæ
бонджын паддзах йæ сæны æвæрæнтыл дæр
фæстæмæ нæ фæхæцыд. 8Паддзахы уагдартæ тыхдард никæмæн кодтой. Паддзахæй
сын дзырд уыди, цæмæй, кæй цас фæнды,
уый бæрц нуаза.
9Ксерксы ус Вашти та паддзахы галуаны
скодта куывд сылгоймæгтæн.
10Æвдæм бон Ксеркс, сæнæй дзæбæх куы
бахъæлдзæг, уæд фæсидти йæ авд лæггадгæнæгмæ, евнухтæм, — Мехуман, Биззета,
Харвона, Бигта, Авагта, Зетар æмæ Каркасмæ.
11Загъта сын, Ваштийы йæм, йæ сæрыл паддзахы худ, афтæмæй куыд рахоной: паддзах
йæ рæсугъд усæй йæ сæр бæрзæндты хаста
æмæ дзы хуымæтæг адæм æмæ уæздæтты раз
дæр хъуамæ йæхи ахъал кодтаид. 12Дæлдæртæ паддзахы фæндон фехъусын кодтой Ваштийæн, фæлæ йæ уый ницæмæ ’рдардта. Паддзах тынг смæсты ис, пиллон арт уагъта фыр
мæстæй. 13Йæ уынаффæ кæддæриддæр, бирæ
чи федта, уагæвæрдтæ æмæ æгъдæуттæ чи
зоны, уыцы куырыхон лæгтимæ уыди, æмæ
та сæм паддзах ныр дæр фæсидти. 14Уыцы
рæстæг Ксерксмæ персайнаг æмæ мидиаг авд
æлдары — Каршена, Шетар, Адмата, Таршиш,
Мерес, Марсена, Мемухан — уæлдай нымад
уыдысты, йæхимæ сæ æрбаввахс кодта. Паддзахы размæ сын æнæкъуылымпыйæ фæндаг
уыди, паддзахады фыццаг лæгтæ уыдысты.
15«Уæдæ паддзах Ксерксы фæндон
кæй ницæмæ ’рдардта, уый тыххæй

уагæвæрдмæ гæсгæ цы гæнгæ у æхсин-пад-
дзах Ваштийæн?»
[16]Мемухан загъта паддзахæн æмæ æл-
дæрттæн: «Вашти æрмæст паддзахы раз
нæ, фæлæ æппæт æлдæрттæ æмæ, Ксерксы
паддзахады цы адæм ис, æппæт уыдоны
раз у аххосджын. [17]Уымæн æмæ Ваштийы
ми сылгоймæгты хъусыл æрцæудзæн, æмæ
сæ лæгты нал нымайдзысты. Зæгъдзыс-
ты, паддзах Ксерксæн дæр ма, дам, йæ ус
Вашти йæ коммæ куы нæ бакасти, зæгъгæ.
[18]Ныридæгæн уал персайнаг æмæ мидиаг
æхсинтæ фехъуыстой Ваштийы хабар. Тæккæ
абон æй сæ лæгты хъусты бацæгъддзысты,
æмæ уæд — худинаг æмæ аллайаг. [19]Кæд
паддзахæн фæндон у, уæд ахæм уынаффæ
рахæссæд æмæ йæ персайнаг æмæ мидиаг
уагæвæрдты ныффыссæд: Ваштийæн пад-
дзах Ксерксмæ фæндаг нал ис. Паддзах ын
йæ бынатмæ равзарæд æндæр сылгоймаг,
Ваштийæ хуыздæр. [20]Паддзахы уынаффæ
куы айхъуыса йе стыр паддзахады алы кæ-
рæттæм, уæд сылгоймæгтæй алчи йæ сæ-
рыхицаумæ, уæздæттæй уа æви хуымæтæг
адæмæй, хъусдзæн».
[21]Паддзах æмæ йæ уæздæтты зæрдæмæ
фæцыдысты уыцы ныхæстæ, æмæ Ксеркс,
Мемухан ын куыд бацамыдта, афтæ бакодта.
[22]Йæ паддзахады алы кæрæттæм фыстæ-
джытæ фервыста, алы ранмæ дæр бынæттон
æвзагыл, алы адæммæ дæр — сæхирдыгонау.
«Алы нæлгоймаг дæр йæ хæдзары хицау
уæд», — азæлыди алы æвзагыл дæр.

**2** Фæстæдæр, Ксерксæн йæ маст куы ’рсабыр,
уæд Ваштийы мысын райдыдта. Сылгойма-
джы ми æмæ йæхи уынаффæйыл ныссагъæс
кодта. [2]Йæ лæггадгæнджытæ загътой, пад-
дзахæн æрыгон рæсугъд чызджытæ агурын
хъæуы, зæгъгæ. [3]Паддзах йæ бæстæйы алы
рæтты снысан кæнæд, йæ зæрдæ кæуыл
дары, ахæм адæймæгты. Уыдон Шушанмæ,
сылгоймæгты хатæнмæ, æрхондзысты æп-
пæты рæсугъддæр чызджыты. Паддзахы
сылдоны хицау Хегайы бæрны сæ бакæн-
дзысты, цæмæй алы хæрздæфгæнæнтæй
сæхимæ базилой. [4]Паддзахы зæрдæмæ цы
æрыгон рæсугъд фæцæуа, уый Ваштийы
бынаты йæ фарсмæ æрбаддзæн.
Уыцы ныхæстæ паддзахы зæрдæмæ фæ-
цыдысты æмæ растдæриддæр афтæ бакодта.
[5-6]Уыцы рæстæг Шушаны царди Бениами-
ны байзæддагæй иу иудейаг, йæ ном Мар-
дохей, Иудейы паддзах Йехониаимæ Вави-
лоны паддзах Навуходоносор Йерусалимæй
уацары кæй ракодта, уыцы адæмæй. Мардо-
хей уыди Иаиры фырт. Иаир та уыди Шими-
йы фырт, Кишы фырты фырт. [7]Мардохейы
фыды ’фсымæр æмæ йæ ус амардысты, сæ
чызг Хадассæ, Естер дæр æй хуыдтой, си-
дзæрæй баззад, æмæ йæ Мардохей схъомыл
кодта. Цæсгомæй дæр æмæ кондæй дæр
Естер тынг рæсугъд уыди. [8]Паддзахы уы-
наффæмæ гæсгæ Шушанмæ бирæ рæсугъд
чызджытæ æрбамбырд. Паддзахы сылдоны
хицау Хегайы бæрны сæ бакодтой. Чызджы-
ты ’хсæн уыди Естер дæр. [9]Естер Хегайы зæр-
дæмæ фæцыд æмæ йын хæрздæфгæнæнтæ
æмæ, уымæй уæлдай цы ’мбæлди, уыдон
раттыныл фæстиат нæ фæкодта. Галуаны
унæуттæй йын авды лæггадгæнæг скодта
æмæ йæ семæ сылгоймæгты хатæны дзæ-
бæхдæр ран æрцæрын кодта. [10]Чи у, кæцæй
у, уыдæтты тыххæй Естер ницы дзырдта,
уымæн æмæ йын Мардохейæ афтæ фæдзæхст
уыди. [11]Мардохей та-иу æрвылбон фæзынди
сылгоймæгты хатæны кæрты — Естер йæхи
куыд хаты, йæ хъуыддæгтæ куыд сты, уый
бæрæг кодта.
[12]Паддзах Ксерксы размæ бацæуыны тых-
хæй алы чызг дæр, сылгоймагæн куыд æм-
бæлд, афтæ дыууадæс мæйы дæргъы йæхи
хъуамæ цæттæ кодтаид: æхсæз мæйы йæ
буар миррæйы сойæ сæрстаид, æхсæз мæ-
йы та — алыхуызон хæрздæфгæнæнтæ æмæ
сылгоймаджы алыхуызон сæрдæнтæй. [13]Уый
фæстæ чызгæн паддзахмæ фæндаг уыди.
Сылгоймæгты хатæнæй паддзахы размæ
цæугæйæ цæмæйфæнды куы загътаид, хъæ-
уы мæ, зæгъгæ, уæддæр ын æй лæвæрдтой.
[14]Изæры-иу бахызти паддзахы къæсæрæй,
райсомæй та йæ фæндаг уыди сылгоймæгты
æндæр хатæнмæ, паддзахы номылустытæ
кæм цардысты, уырдæм. Уым хицау уыди
Шаашгаз. Паддзах æй йæхæдæг ма æрцагу-
рæд, æндæр æм чызгæн фæндаг нал уыди.
[15]Естерæн, Мардохейы фыды ’фсымæр
Авихаилы чызгæн, йæ рад куы ’рцыди æмæ
паддзахмæ куы раст кодта, уæд æппындæр
ницы бадомдта, сылгоймæгтæм йæ цæст чи
дардта, уыцы евнух Хегай йын цæмæ баца-
мыдта, уымæй уæлдай.
Чи-иу æй федта, уыдонæй алкæй зæрдæмæ
дæр цыди Естер.
[16]Ксерксæн йæ паддзахиуæджы æвдæм аз
бахызти йæ къæсæрæй Естер. Уый уыди дæ-
сæм мæйы, теветы. [17]Йæ иннæ устытæй йæ
фылдæр бауарзта Ксеркс, иннæ чызджытæй
йæ зæрдæмæ тынгдæр фæцыд. Паддзахы худ
ын æркодта йæ сæрыл æмæ йæ ус-паддзахæй

ӕрбадын кодта Ваштийы бынаты. 18Естеры
кадӕн паддзах стыр куывд скодта йӕ бар-
джынтӕ ӕмӕ йӕ уӕздӕттӕн. Сӕ фиддонтӕ
фӕкъаддӕр сты йӕ паддзахады алы бӕс-
тӕйӕн дӕр, йӕ зӕрдӕйы хорзӕй паддзахы
лӕвӕрттӕ фӕкодта.
19Дыккаг хатт куы фӕсидтысты чызджы-
тӕм, уӕд Мардохей паддзахы галуаны кул-
дуары раз бадти. 20Естер ницыма загъта, чи
у ӕмӕ кӕцон у, уый тыххӕй, Мардохей йын
куыд бафӕдзӕхста, афтӕ. Йӕ ныхасмӕ та
йын Естер, йӕ хъомылгӕнинаг куы уыди,
уӕд куыд хъуыста, ныр дӕр афтӕ.
21Мардохей паддзахы галуаны кулдуары
раз куы бадти, уӕд паддзахы дӕлдӕртӕ,
йӕ дуаргӕстӕ Бигтан ӕмӕ Тереш, паддзах
Ксерксы ныхмӕ фыдвӕнд сарӕзтой, цӕмӕй
йӕ амарой. 22Мардохей уый базыдта ӕмӕ
йӕ Естерӕн загъта, Естер та йӕ Мардохейы
номӕй паддзахӕн фехъусын кодта. 23Уыйа-
дыл хъуыддагмӕ каст ӕрцыди, сбӕлвырд
ӕй кодтой ӕмӕ дыууӕйы дӕр бӕласыл ӕр-
цауыгътой. Ӕппӕт уыдӕттӕ та паддзахы
цӕстыты раз азфыстмӕ хаст ӕрцыдысты.

**3** Уыцы хабары фӕстӕ паддзах Ксеркс агагаг
Хаммедатайы фырт Аманы скадджын кодта.
Сбӕрзонд ис Аман, йӕ бадӕн иннӕ уӕздӕт-
тӕй фӕуӕлдӕр. 2Паддзахы бардзырдмӕ
гӕсгӕ, тӕрхоны хъуыддаджы лӕуд чидӕр-
риддӕр уыди паддзахы галуаны, уыдон-иу
ӕрзоныг кодтой ӕмӕ-иу зӕххыл ныддӕлгом
сты Аманы раз. Мардохей та йӕ разы зоны-
гыл дӕр нӕ кодта ӕмӕ зӕххыл дӕр нӕ хауди.
3Паддзахы дӕлдӕртӕ, галуаны тӕрхон-
гӕнджытӕ, Мардохейӕн уайдзӕф кодтой,
паддзахы бардзырды сӕрты цӕмӕн хизыс,
зӕгъгӕ. 4Алы бон дӕр ын дзырдтой, фӕлӕ
сӕ уый ницӕмӕ дардта. Уӕд бавдӕлдысты
ӕмӕ Аманмӕ дзырд бахастой, уӕдӕ ныр та
куыд кӕнид, зӕгъгӕ, уымӕн ӕмӕ, иудейаг
у, уый Мардохейӕн йӕхицӕй зыдтой.
5Аман куы федта, Мардохей йӕ разы нӕ
зоныгыл кӕны ӕмӕ зӕххыл нӕ ныддӕл-
гом вӕййы, уый, уӕд фыр мӕстӕй рафых-
ти. 6-7Фӕлӕ ӕрмӕст Мардохейы бафхӕрын
йӕхицӕн ӕгадыл банымадта. Мардохей
иудейаг у, уый йын куы загътой, уӕд сфӕнд
кодта ӕппӕт дзуттӕгты дӕр фесафын. Хъу-
амӕ, Ксерксы паддзахады цы иудейӕгтӕ
ис, уыдоны се 'ппӕты дӕр ныццагътаид.
Бон ӕмӕ мӕй снысан кӕныны тыххӕй та
Аман, Ксерксы паддзахиуӕгӕн йӕ дыууа-
дӕсӕм азы фыццаг мӕй, нисаны, пур (ома
хӕлттӕ) сӕппарын кодта, ӕмӕ дыууадӕсӕм
мӕйы — адары — хал схауди. 8-9Уыйадыл
Аман паддзах Ксерксӕн загъта: «Иу адӕ-
мыхатт ис, дӕ бӕстӕйы алы кӕрӕтты иннӕ
адӕмты 'хсӕн чи ныппырх ис. Се 'гъдӕуттӕ
уыдонӕн бынтон ӕндӕр сты, стӕй уыдон
паддзахы уынаффӕтӕ дӕр не 'ххӕст кӕ-
нынц. Паддзах та сын уыцы бар хъуамӕ ма
дӕтта. Кӕд паддзахӕн фӕндон у — сӕ ныц-
цӕгъдыны уынаффӕ рахӕссӕд, ӕмӕ уӕд
ӕз къазнадартӕн дӕс мин таланты ӕвзист
ратдзынӕн, ӕмӕ сӕ паддзахы къазнамӕ
бафтаудзысты». 10-11Уӕд паддзах йе 'нгуыл-
дзӕй къухдарӕн рафтыдта ӕмӕ йӕ Аманӕн,
агагаг Хаммедатайы фыртӕн, дзуттӕгты
удхорӕн, радта. Ӕмӕ загъта паддзах Ама-
нӕн: «Ацы ӕвзист дӕу уӕд, уыцы адӕмӕн
та, цы дӕ фӕнды, уый кӕн». 12Афтӕмӕй
фыццаг мӕйы ӕртындӕсӕм бон фӕсид-
тысты паддзахы писыртӕм ӕмӕ, Аманы
куыд фӕндыди, ахӕм уынаффӕ гӕххӕттыл
ныффыстой паддзахы уагдартӕн. Бӕстӕйы
алы рӕттӕм, паддзахады алы адӕмты хи-
цӕуттӕм ӕй фервыстой — алы адӕмӕн йӕхи
'взагыл, йӕхирдыгонау фыстӕй. Уынаффӕ
рахастой паддзах Ксерксы номӕй ӕмӕ йӕ
паддзахы къухдарӕнӕй бафидар кодтой.
13Фӕдисӕттӕ паддзахады алы кӕрӕттӕм
тӕргӕбӕхӕй фӕхӕццӕ кодтой паддзахы
уынаффӕ — дыууадӕсӕм мӕйы, ома ада-
ры, ӕртындӕсӕм бон дзуттӕгты иууыл-
дӕр ӕмбойны — зӕрондӕй, ӕрыгонӕй, ӕд
сабитӕ ӕмӕ сылгоймӕгтӕ — ныццӕгъдут,
ныммарут, мыггагыскъуыд фӕкӕнут, сӕ
исбон та сын хӕлӕттаг фӕкӕнут, зӕгъгӕ.
14Уыцы уынаффӕ хъуамӕ хъуыстгонд ӕр-
цыдаид паддзахады алы ран дӕр, алы адӕ-
мӕн дӕр, цӕмӕй уыцы бонмӕ алчи йӕхи
бацӕттӕ кодтаид. 15Фӕдисӕттӕ ӕвӕсти-
атӕй ацыдысты паддзахы бардзырд сӕх-
хӕст кӕнынмӕ. Уыцы уынаффӕ фехъусын
чындӕуыд Шушаны фидары. Паддзах ӕмӕ
Аман куывды ӕрбадтысты, Шушаны сахар
та схъомпал ис.

**4** Мардохей хабар куы фехъуыста, уӕд
адӕргӕй йӕ дарӕс арӕдывта фӕйнӕрдӕм,
йӕ буар бызгъуыртӕй ӕрбамбӕрзта, рыджы
йӕхи сӕвдылдта ӕмӕ, бон ӕм арвы рухс нал
зынди, афтӕмӕй, хъӕрӕй ӕрдиаггӕнгӕ, са-
хары уынгты азгъордта. 2Паддзахы дуармӕ
бахӕццӕ, фӕлӕ паддзахы дуарӕй бызгъу-
ыр дарӕсы мидӕмӕ цӕуыны бар нӕ уыди.
3Ныр, паддзахы уынаффӕ кӕдӕмдӕриддӕр
фехъуысти, уымыты, алы ран дӕр, иудейӕг-
тӕ стыр катайы бацыдысты — хойраг сӕ

дзыхмæ нал истой, рыджы хаудæй куыдтой
æмæ æрдиаг кодтой сæ бызгъуыр дарæсты.
4Естерæн йæ лæггадгæнæг сылгоймæгтæ
æмæ нæлгоймаг унæуттæ Мардохейы тых-
хæй куы фехъусын кодтой, уæд æхсин-пад-
дзахы зæрдæ йæхи къултыл бахоста. Йæ
бызгъуыртæ раивæд, зæгъгæ, Мардохейæн
дарæс рарвыста, фæлæ уый не сразы. 5Уæд
Естер, паддзах ын лæггадгæнæг кæй скодта,
уыцы нæлгоймаг унæуттæй иумæ фæдзырд-
та — йæ ном Хатах — æмæ йæ Мардохеймæ
арвыста, цæмæй йын, цы у, цы хабар у, уый
тыххæй бæрæг ныхас æрбахæсса. 6Ацыди
Хатах Мардохеймæ сахары фæзмæ, галуа-
ны къæсæргæронмæ. 7Æмæ йын радзырдта
Мардохей æппæт дæр, загъта, дзуттæгты
ныццæгъдыны тыххæй Аман паддзахы
къазнамæ цас æвзист бакалынæй ныфс ба-
вæрдта, уый. 8Радта унæутмæ, дзуттæгты
ныццæгъдыны тыххæй Шушаны цы уы-
наффæ хаст æрцыд, уыцы æвдисæнгæххæт
дæр — цæмæй йæ Естер фена æмæ æппæт
дæр базона. Уымæй уæлдай ма йæм ныхас
арвыста, паддзахмæ дын цæугæ у, хъуамæ
йын дæ адæмы тыххæй балæгъстæ кæнай,
зæгъгæ. 9Æрбаздæхти Хатах æмæ Естерæн
Мардохейы ныхæстæ рафæзмыдта. 10Естер
æй фæстæмæ арвыста, цæмæй йæ номæй
Мардохейæн зæгъа: 11«Паддзахы дæлбартæ
иууылдæр æмæ йæ паддзахады адæмтæ се
'ппæт дæр хорз куы зонынц, нæлгоймагæй,
сылгоймагæй, чифæнды ма уæд, æнæхонгæ-
йæ паддзахмæ, мидæггаг кæртмæ, бацыди,
зæгъгæ, уæд ын æнæ маргæ нæй. Кæд æмæ
йæм паддзах йæ сыгъзæрин лæдзæг æр-
бадаргъ кæна, уæд æрбацæуæг удæгасæй
баззайдзæни. Мæнмæ та ныр дæс æмæ ссæдз
боны дæргъы паддзахæй дзырд нæ уыди,
ардæм рацу, зæгъгæ».
12Фæхæццæ сты Мардохеймæ Естеры ны-
хæстæ. 13Æмæ дзуапп радта Мардохей Есте-
рæн: «Афтæ ма 'нхъæл, æмæ паддзахы галу-
аны кæй дæ, уый фæрцы иннæ иудейæгтæй
уæлдай удæгасæй аирвæздзынæ. 14Ахæм
рæстæг ды дæ дзыхыл куы ныххæцай, уæд
иудейæгтæн æндæр ранæй æххуыс уыдзæн,
ды та фесæфдзынæ, дæ тъымы-тъымайæн та
дын „мæн у“ зæгъæг дæр нал уыдзæн. Кæд
дæм, мыййаг, паддзахы бадæн ацы заманы
тыххæй æрхауд?»
15Æмæ уыдис Естеры дзуапп Мардохейæн:
16«Цæугæ æмæ, Шушаны цы иудейæгтæ ис,
уыдоны æрбамбырд кæн, æмæ мæн тыххæй
ком бадарут — æртæ боны æмæ æртæ 'хсæвы
хæргæ дæр æмæ нуазгæ дæр мацы бакæнут.
Æз дæр мæ лæггадгæнæг сылгоймæгтимæ
афтæ ком дардзынæн æмæ стæй, кæд уа-
гæвæрд уый нæ бары, уæддæр паддзахмæ
бацæудзынæн æмæ, кæд мæлон, уæд уадз
æмæ амæлон».
17Мардохей ацыд æмæ алцыдæр бакодта,
Естер ын куыд загъта, афтæ.

5 Æртыккаг бон Естер йæ уæлæ скодта йæ
паддзахфæлыст, ацыд æмæ паддзахы дуары
раз слæууыди. Паддзах йæ къæлæтджыны
бадти, йæ цæсгом — дуары 'рдæм. 2Естер-
æхсины кæрты лæугæ куы ауыдта, уæд æм
кæсгæйæ аззади. Йæ къухы цы зæрин лæдзæг
уыди, уымæй йын ацамыдта. Естер хæстæг
бацыди æмæ лæдзæджы хъуымбылæгыл
бандзæвыди къухæй.
3Паддзах æй бафарста: «Цы дæ хъæуы,
æхсин-паддзах Естер, цы курдиат дæм ис?
Æрмæст ской кæн, æмæ дын паддзахады
æмбис дæр ратдзынæн». 4Естер загъта: «Кæд
паддзахæн фæндон у, уæд æй абон мæ фынг-
мæ хонын æмæ мæм Аманимæ саккаг кæ-
нæд». 5Паддзах загъта: «Аманмæ фæдзурут,
æмæ Естеры фæндон æххæстгонд куыд уа!»
Уыйадыл паддзах Естеры хуындмæ фæ-
зынди Аманимæ. 6Сæны нуазæнтæ систой,
афтæ та паддзах Естеры бафарста: «Цавæр
курдиат дæм ис? Паддзахады æмбис куы
бацагурай, уæд дæр дæу у». 7-8Естер загъта:
«Курдиат мæм бæргæ ис. Кæд мæ паддзахы
хорзæх уа, уæд мын æй сæххæст кæндзæн.
Райсом дæр та паддзах мæ хуындмæ саккаг
кæнæд Аманимæ, æмæ йын уæд дзуапп
ратдзынæн».
9-10Уыцы бон Аман уæлдай зæрдæхъæлдзæг
æмæ буцæй рараст йæ хæдзармæ. Паддзахы
галуаны æрбахизæны Мардохейыл амбæлд.
Уый йæ хъуыды дæр не 'ркодта. Цыт кæныны
охыл йæ бынатæй уæлдай змæлд нæ фæкодта.
Аман мæстæй ссыгъди. Йæхи йæм тыххæй
баурæдта, афтæмæй сæхимæ ацыди. Йæ ус
Зереш æмæ йæ хæлæрттæм фæдзурын кодта.
11Йæхицæй æппæлынæй сын нал æфсæсти —
куыд кадджын æмæ бонджын у, куыд бирæ
фырттæ йын ис, куыд хъулон у паддзахæн
иннæ уæздæттæ æмæ дæлбарты 'хсæн. 12«Су-
анг ма æхсин-паддзах Естер дæр, — дзырдта
Аман, — йæ фынгмæ мæн йеддæмæ никæй
фæхуыдта. Райсом дæр та йæм паддзахимæ
хуынд дæн. 13Фæлæ мын уыдæттæ ад нал
фæкæнынц, иудейаг Мардохейы паддзахы
галуаны æрбахизæны куы фенын, уæд».
14Йæ ус Зереш æмæ йын йæ хæлæрттæ
бауынаффæ кодтой: «Фæндзай æлмæрины

бæрзæндæн цæджындз ныссадзын кæн æмæ
райсом паддзахæн загъ, цæмæй Мардохейы
уыцы цæджындзыл æрцауындзой. Ды та
зæрдæхъæлдзæгæй паддзахимæ хуындмæ
ацæудзынæ». Аманмæ хорз фæкасти уыцы
хъуыды, æмæ цæджындз ныссадзын кодта.

**6** Уыцы æхсæв паддзахыл хуыссæг нал
хæцыд. Æрвылбоны хабæрттæ фыст кæм уы-
дысты, уыцы азфыст æрцагуырдта æмæ йын
æй хъæрæй кастысты. 2Паддзахы марынмæ
цы дуаргæстæ хъавыдысты, Ксерксы уыцы
унæуттæ Бигтан æмæ Терешы хъуыддаг
Мардохей кæй раргом кодта, уый дæр дзы
фыст уыди. 3Паддзах бафарста: «Уый тыххæй
Мардохейæн цы кад скодтой, цы хорзæх ын
радтой?» Æмæ йæ дæлбартæ, лæггад ын чи
кодта, уыдон загътой: «Ницы».
4Уыцы рæстæг Аман, цы цæджындз æр-
цæттæ кодта, ууыл цæмæй Мардохейы æр-
цауындзой, уый тыххæй загъынмæ æрба-
цыди паддзахмæ. Паддзах бафарста: «Кæрты
чи ис?» 5Лæггадгæнджытæ дзуапп радтой
паддзахæн: «Аман у уый». Паддзах загъта:
«Мидæмæ рацæуæд».
6-8Аман æрбацыди. Паддзах æй фæрсы:
«Паддзах кады аккагыл кæй нымайы, уы-
цы адæймагæн цы хорз ракæнæн ис?» Йæ
мæгуыр зæрдæйæ Аман афтæ банхъæлдта,
паддзах ын йæхицæй дзуры, æмæ загъта:
«Паддзахы хорзæх кæй ис, уыцы адæймагæн
æрбахæссæнт паддзахы дарæс æмæ æрбакæ-
нæнт паддзахы бæх, йæ фæлыст — паддзахы
аккаг, хуыздæр нæй, ахæм. 9Уыцы дарæс
æмæ уыцы бæхы паддзахы уæздантуг дæл-
барты нымаддæры бар бакæнæнт. Уæздæтты
нымаддæр, паддзахы хорзæх кæй фæцис,
ууыл скæнæд уыцы дарæс, уыцы бæхыл æй
сбадын кæнæд, стæй, бæхы рохтыл хæцгæ-
йæ, сахары фæзмæ рацæуæд æмæ фехъусын
кæнæд: „Паддзахы хорзæх кæй ис, уымæн
паддзах ахæм кад кæны!“»
10Æмæ загъта паддзах Аманæн: «Уæдæ
фæстиат ма кæн, афтæмæй, куыддæриддæр
загътай, афтæ бакæн: цы дарæс æмæ бæ-
хы кой кодтай, уыдон — паддзахы дуаргæс
иудейаг Мардохейæн! Цы загътай, уыдонæй
дæ мацы ферох уæд!»
11Скодта дарæс Мардохейыл Аман, сбадын
æй кодта бæхыл æмæ йæ, бæхы рохтыл хæц-
гæ, сахары фæзмæ раласта хъæргæнгæ: «Пад-
дзахы хорзæх кæй ис, уымæн паддзах афтæ
кад кæны!» 12Уый фæстæ Мардохей галуаны
бахизæнмæ фæстæмæ йæ куыстмæ ацыди,
Аман та мастгæнгæ атындзыдта сæхимæ,
йæ сæр æрбатыхта, афтæмæй. 13Аман йæ
бинойнаг Зереш æмæ йæ хæлæрттæн куы
радзырдта йæ хабæрттæ, уæд ын уынаффæ
чи бакодта, уыдон дæр æмæ йæ ус Зереш
дæр загътой: «Кæд æмæ, дæлдæр кæнын
цы Мардохейы аххосæй райдыдтай, уый
иудейаг у, уæд ын дæ бон ницы бауыдзæн,
тынг ныллæг æрхаудзынæ йæ разы».
14Сæ ныхас нæма фесты, афтæ паддзахы
унæуттæ сæ разы алæууыдысты æмæ Ама-
ны тагъдгæнгæ Естеры хуындмæ акодтой.

**7** Ацыдысты паддзах æмæ Аман Естеры
хуындмæ. 2Æмæ та дыккаг бон дæр, фынгыл
бадтысты, афтæмæй бафарста паддзах Есте-
ры: «Уæддæр дæ цы хъæуы, æхсин-паддзах
Естер? Зын — йе ской. Цыфæнды ма уæд —
дæ курдиат æххæстыл нымай. Паддзаха-
ды æмбис дæр ракуырдтай — дæу уыдзæн».
3Æмæ загъта æхсин-паддзах Естер: «Паддзах,
кæд мæ дæ хорзæх ис, кæд паддзахæн фæн-
дон у, уæд дæ курын, цæмæй мæ ма амарой,
цæмæй мын мæ адæммæ дæр ма бавналой.
4Уымæн æмæ æз æмæ мæ адæм уæйгонд
æрцыдыстæм — хъуамæ нæ бындзагъд, бы-
нысккъуыд æмæ бынсæфт фæкæной. Нæлгой-
магæй, сылгоймагæй нæ цагъар уæд та куы
саразиккой, уæд мæ дзыхыл ныххæцин æмæ
паддзахы нæ батыхсын кæнин».
5«Чи у уагæры? — баййардта паддзах
Ксеркс Естеры. — Æмæ кæм ис, афтæ ба-
кæнынмæ йæ ныфс чи бахаста, уый?» 6«Не
знаг, нæ фыдгул — мæнæ ацы саузæрдæ
Аман», — загъта Естер. Уый фехъусгæйæ,
Аманыл паддзах æмæ йе ’хсины раз фыр
тæссæй ризæг бахæцыд. 7Паддзах йæ маст
нæ урæдта. Адæргæй фынгæй фестади æмæ
галуаны дыргъдонмæ йæхи аппæрста. Аман
бамбæрста, паддзах ын кæй нæ ныббар-
дзæн, уый. Естеры раз æргуыбыр кодта æмæ
æхсин-паддзахæн хъуырыцъарæй лæгъс-
тæ кæнынмæ фæци, цæмæй йæ ма амарой.
8Паддзах фæстæмæ куы æрбацыди æмæ
Аманы Естеры бадæны раз гуыбырæй куы
федта, уæд фæхъæр кодта: «Æхсин-паддзах-
мæ дæр ма дæ зæрдæ бахъазыди мæ тæккæ
хæдзары?!» Куыддæр паддзахы дзыхæй уы-
цы ныхæстæ схаудтой, афтæ хъахъхъæн-
джытæ Аманы ацахстой.
9Паддзахы дæлдæртæй иу, Харвона йæ
ном, загъта: «Афтæмæй Аман та Мардохе-
йы тыххæй, паддзахæн хорзы чи бацыди,
уый тыххæй ныссадзын кодта цæджындз,
фæндзай æлмæрины бæрзæндæн. Ама-
ны хæдзары раз цæттæйæ лæууы». «Уыцы

цæджындзыл æй æрцауындзут!» — загъта
паддзах. 10Æмæ æрцауыгътой Аманы, Мар-
дохейæн кæй æрцæттæ кодта, уыцы цæ-
джындзыл. Æмæ паддзахы маст æрсабыр ис.

**8** Аманмæ, иудейæгты знагмæ, исбонæй
цыдæриддæр уыди, уый тæккæ уыцы бон
паддзах Ксеркс æхсин-паддзах Естерæн
радта, Мардохеймæ та фæсидти, уымæн
æмæ йын Естер раргом кодта, Мардохей
йын цы бавæййы, уый. 2Паддзах йе ’нгуыл-
дзæй, Аманæй фæстæмæ кæй райста, уыцы
къухдарæн рафтыдта, æмæ йæ Мардохейæн
радта, Естер та йæ Аманы исбонæн уагдарæй
сæвæрдта.

3Цæссыгкалгæ та Естер ногæй паддзахы
раз йæ зонгуытыл æрхауд æмæ йын лæгъстæ
кодта, цæмæй уый сæххæст кæнын ма ба-
уадза агагаг Аманы фыдвæнд иудейæгты
ныхмæ. 4Паддзах йæ сыгъзæрин лæдзæгæй
Естеры ’рдæм ацамыдта. Естер сыстади æмæ
паддзахы раз æрлæууыди. 5Загъта: «Кæд мæ
паддзахы хорзæх ис æмæ йын кæд уыцы
хъуыддаг фæндон у æмæ йæ растыл нымайы,
уæд аивæд, агагаг Хаммедатайы фырт Аман
æппæт паддзахады иудейæгты ныццæгъ-
дыны тыххæй цы уынаффæ рахаста, уый.
6Уымæн æмæ, мæ адæмы сæфтмæ кæсгæйæ,
æз æнцад куыд лæууон, куыд кæсон æнцад
мæ туг, ме стæджы сæфтмæ?»

7Æмæ загъта паддзах Ксеркс æхсин-пад-
дзах Естер æмæ иудейаг Мардохейæн: «Æз
Аманы исбон радтон Естерæн, йæхи та йын
цæджындзыл сауыгътой, иудейæгты кæй
цæгъдын кодта, уый тыххæй. 8Ныр сымах
дæр паддзахы номæй бардзырд ныффыссут
иудейæгты тыххæй, уæ хъуыдымæ гæсгæ,
цавæр хъæуы, ахæм. Паддзахы къухдарæнæй
йæ сфидар кæнут: паддзахы номæй фыст
æмæ йæ къухдарæнæй фидаргонд уынаффæ-
йæн æнæ сæххæстгæнгæ нæй». 9Уыйадыл æр-
тыккаг мæйы, сиваны, дыууын æртыккæгæм
бон паддзахы нымæрдартæ ныффыстой ног
уынаффæ, Мардохей куыддæриддæр загъта,
афтæ. Æппæт иудейæгтæм, стæй, паддзахады
цы сæдæ дыууын авд бæстæйы ис — Индийæ
Эфиопийы онг, уыдоны хицæуттæ, бардартæ
æмæ сæргълæуджытæм æй фæхæццæ кодтой:
алы ранмæ дæр сæхирдыгонау фыстæй, алы
адæммæ — сæхи ’взагыл, иудейæгтæм дæр
афтæ — сæхирдыгонау фыстæй, сæхи ’вза-
гыл. 10Паддзах Ксерксы номæй фыст æмæ
йæ къухдарæнæй фидаргонд уынаффæйы
халдихтæ паддзахы дугъон бæхтыл бынатмæ
фæхæццæ кодтой фидиуджытæ.

11Кæцыфæнды сахары ма уæд, алы ран дæр
паддзах иудейæгтæн бар лæвæрдта, цæмæй,
чидæриддæр сæ бахъыгдара, уыдоны ных-
мæ æмбырдæй ралæууой æмæ се знæгты
æд устытæ æмæ сывæллæттæ бындзагъд
ныккæной, сæ исбон та сын сæхицæн æр-
батæлæт кæной. 12Ксерксы паддзахады алы
бæстæйы дæр уыцы иу бон — дыууадæсæм
мæйы, адары, æртындæсæмы. 13Уагæвæрды
тых кæмæн уыд, уыцы уынаффæйы хал-
дихтæ хъуамæ фæхæццæ уыдаиккой алы
бæстæтæм, стæй алы адæмыхатмæ дæр,
цæмæй иудейæгтæ уыцы бонмæ сæхи цæт-
тæйæ дардтаиккой æмæ се знæгтæй сæ маст
райстаиккой.

14Паддзахы фæндонмæ гæсгæ фидиуджы-
тæ паддзахы дугъон бæхтыл æвæстиатæй
фæцагайдтой. Уынаффæ хъуыстгонд æр-
цыди Шушаны дæр. 15Мардохей Ксерксæй
рацыди паддзахау хъæздыг арæзтæй: æрв-
хуыз æмæ урс зынаргъ дарæсты, бæрзонд
зæрин худы, лыстæг гæн æмæ сæнт сырх
тæбын уæлæфтауы. Шушан ради æмæ цин
кодта. 16Иудейæгтæ цин кодтой æмæ рады-
сты, хъæлдзæг æмæ бæрæгбонхуыз уыдысты.
17Паддзахы уынаффæ алы бæстæтæм, алы
сахартæм куыд хæццæ кодта, афтæ иуде-
йæгтæн йемæ хаста рухс æмæ циндзинад,
куывд æмæ хъæлдзæгдзинад. Паддзахады
иннæ адæмтæй дæр бирæтæ иудейæгты
дин райстой, уымæн æмæ сыл тас бахæцы-
ди сæ разы.

**9** Дыууадæсæм мæйы, ома адары, æртын-
дæсæм бон ралæууыди. Уыцы бон паддзахы
уынаффæ хъуамæ æххæстгонд æрцыдаид,
æмæ знæгтæ сæхицæн ныфс æвæрдтой, абон
иудейæгты нæ къухтæм хъæуы, зæгъгæ. Фæ-
лæ хъуыддаг цæхгæр æндæрхуызон рауад:
сæхæдæг иудейæгты къухтæм бахаудтой.
2Уыцы бон Ксерксы паддзахады алы кæрæт-
ты иудейæгтæ æрбамбырд сты сæ сахарты,
цæмæй сæ фыдгултæн аккаг фæуой. Æмæ
сæ ныхмæ ничи фæлæууыди — адæмтæ сæ
иууылдæр старстысты. 3Бынæттон уæл-
дæр хицауæй, æнæуи хицауæй, бардарæй,
паддзахы хъуыддæгтæ æххæстгæнæгæй —
иууылдæр Мардохейы тасæй дзуттæгты
фарс фесты. 4Уымæн æмæ бирæ бартæ уыди
Мардохейæн паддзахы хæдзары. Йæ кой
паддзахады алы кæрæттæм айхъуысти. Бо-
нæй-бон хъомысджындæр кодта.

5Иудейæгтæ се знæгты иууылдæр ныц-
цагътой, кард дзы никæмæй раздæхтой,
мыггагыскъуыд сæ фæкодтой, аккаг сын

фесты. 6Шушаны фидары иудейæгтæ ралæу-
уыдысты æмæ амардтой фондзсæдæ адæй-
маджы. 7Мард фесты: Паршандата, Далфон,
Аспата, 8Пората, Адалиа, Аридата, 9Пармаш-
та, Арисай, Аридай, Вайзата — 10иудейæгты
цыфыддæр знаг Аманы, Хаммедатайы фыр-
ты, дæс фырты. Сæ амæттæгты мулкмæ нæ
фæцагайдтой иудейæгтæ. 11Шушаны фидары
мæрдты нымæц уыцы тæккæ бон паддзахæн
фехъусын кодтой.

12Æмæ паддзах загъта æхсин-паддзах Ес-
терæн: «Иудейæгтæ Шушаны ралæууыдысты
æмæ амардтой фондзсæдæ адæймаджы, уы-
донимæ Аманы дæс фырты дæр. Цымæ пад-
дзахады иннæ рæтты та цы бакодтой? Дæу
куыд фæнды? Цавæр курдиат ма дæм ис?
Æххæстгонд æрцæудзæн». 13«Кæд паддзахæн
фæндон у, — дзуапп радта Естер, — уæд бар
раттæд, цæмæй райсом дæр Шушаны иуде-
йæгтæ абоны уынаффæмæ гæсгæ архайой.
Аманы дæс фырты мæрдтæ та цæджын-
дзыл ауыгъд æрцæуæнт». 14Паддзах загъта,
цæмæй афтæ бакæной. Уынаффæ Шушаны
цæрджытæн фехъусын кодтой. Аманы дæс
фырты мæрдтæ цæджындзыл ауыгъд æрцы-
дысты. 15Адары мæйы цыппæрдæсæм бон
та Шушаны иудейæгтæ ногæй æрбамбырд
сты æмæ ма ноджы æртæсæдæ адæймаджы
амардтой, фæлæ мулкмæ нæ бавнæлдтой.

16Паддзахады æндæр рæтты цæрæг иуде-
йæгтæ дæр æрбамбырд сты, цæмæй сæхи
бахъахъхъæной æмæ се знæгтæй фервæзой.
Сæ фыдгултæй æвдай фондз мин адæйма-
джы ныццагътой, фæлæ сын сæ мулкмæ
нæ бавнæлдтой. 17Уый уыди адары мæйы
æртындæсæм бон. Дыккаг бон æрсабыр сты —
сæхицæн цины бон, бæрæгбон, скодтой.

18Шушаны цæрæг иудейæгтæ æрбамбырд
сты æртындæсæм æмæ цыппæрдæсæмы.
Æртыккаг бон æрсабыр сты — сæхицæн ци-
ны бон, бæрæгбон, скодтой. 19Уымæ гæсгæ
хъæуты цæрæг иудейæгтæн адары мæйы
цыппæрдæсæм бон у цины бон, бæрæгбон,
æмæ кæрæдзимæ хуынтæ фæхæссынц.

20-21Уыцы хабæрттæ иууылдæр Мардохей
фæфыста æмæ йæ фыстæг Ксерксы паддза-
хады цæрæг иудейæгтæм — дард ран уой,
хæстæг ран уой — се ’ппæтмæ дæр фервыста,
цæмæй æрвылаз адары мæйы цыппæрдæ-
сæм æмæ фынддæсæм бонтæ бæрæг кæной.
22Уымæн æмæ уыцы бонты иудейæгтæ сæ
фыдгултæй фервæзтысты, уыцы бонты сæ
хъыг цинмæ раивта, сæ маст — бæрæгбон-
мæ. Уæдæ сын суæнт уыдон циндзинад æмæ
куывды бонтæ, кæрæдзимæ хуынтæ куыд
хæссой, мæгуыртæн лæвæрттæ куыд кæной!
23Уæдæй фæстæмæ иудейæгтæ, сæхæдæг
дæр кæй райдыдтой æмæ ма сын Мардохей
дæр кæмæй загъта, уыцы æгъдау сæхицæн
фæткæн райстой. 24Уымæн æмæ æппæт иуде-
йæгты знаг Аман, агагаг Хаммедатайы фырт,
сфæнд кодта дзуттæгты бабын кæнын æмæ
уый тыххæй пур (ома хал) æппæрста, цæ-
мæй сæ бындзагъд фæкæна æмæ сæ фесафа.
25Фæлæ Естер паддзахмæ куы бацыди, уæд
уый ног уынаффæ рахаста, æмæ Аман иу-
дейæгты ныхмæ цы фыдвæнд саразта, уый
йæхи сæрыл æрцыди — йæхи дæр æмæ йын
йæ фыртты дæр цæджындзыл æрцауыгътой.
26-27Уымæн хуыйнынц уыцы бонтæ Пурим:
дзырд «пур»-мæ гæсгæ.

Фыстæджы цы дзырдæуыди æмæ сæхæ-
дæг цы федтой æмæ бавзæрстой, уыдон
бахынцгæйæ, иудейæгтæ уынаффæ рахас-
той: сæхицæн, сæ байзæддæгтæн æмæ сын
сæ дин чи райса, уыцы æцæгæлæттæн се
’ппæтæн фæткæн баззайæд æрвылаз уыцы
дыууæ боны, æгъдау куыд амоны, афтæ бæ-
рæг кæнын. 28Уыцы бонтæ зæрдылдаринаг
сты алы фæлтæр, алы хæдзарвæндагæн дæр,
алы зылды, алы сахары дæр! Иудейæгтæн
рохгæнæн нæй Пуримы бонтæ! Мыггагмæ
дарæнт сæ зæрдыл Пурим!

29-30Æхсин-паддзах Естер, Авихаилы чызг,
иудейаг Мардохеимæ ногæй ныффыста Пу-
римы тыххæй æмæ йын йæ бæрæгбон сфидар
кодта. Æмæ фæхæццæ ис уыцы фыст, цард-
амонд æмæ æдасдзинадыл дзурæг, Ксерксы
паддзахады сæдæ дыууын авд бæстæйы
цæрæг иудейæгтæм се ’ппæтмæ дæр. 31Цæ-
мæй йæ афоныл бæрæггонд цæуа Пурим,
æхсин-паддзах Естер æмæ иудейаг Мардо-
хейы фыстæджыты куыд дзырдæуы, афтæ,
æгъдауыл. Сæ комдарæн æмæ хъарæггæнæн
бонты иудейæгтæ сæхæдæг куыд схатдзæг
кодтой, афтæ. 32Фыстыты баззади, Естер
йæ уынаффæйæ сфидар кодта Пуримы бæ-
рæгбон, зæгъгæ.

**10** Паддзах Ксеркс снысан кодта ног хъа-
лон — денджызгæрон зæххытæн дæр æмæ
иннæ зæххытæн дæр. 2Мардохейы лæгдзи-
над æмæ намысджын хъуыддæгтæ æмæ,
паддзах æй цы бæрзæндтæм систа, æппæт
уыцы хабæрттæ сæ бынат ссардтой Миди
æмæ Персы азфыстыты. 3Ксерксы фæстæ
дыккаг лæг уыди паддзахады иудейаг Мар-
дохей. Тынг æй нымадтой æмæ уарзтой йæ
адæм. Йæ адæм æвыд æмæ амондджынæй
куыд цæрой, ууыл архайдта кæддæриддæр.

# Иовы чиныг

Иовы чиныг дзуры, æвирхъау бæллæхтæ чи бавзæрста, ахæм адæймаджы цардыл: уый баззайы æнæ исбонæй, йæ сывæллæттæ иууылдæр амæлынц, йæхæдæг уæззау низæй фæрынчын вæййы. Кæм ис рæстдзинад? Куыд ис цæрæн, ахæм фыдбылызтæ кæм цæуы, уыцы дунейы?

Иовмæ йе 'рдхæрдтæ зæрдæтæ æвæрынмæ фæзынынц, фæлæ йын тагъд рæстæджы уайдзæфтæ кæнын райдайынц. Сæ хъуыдымæ гæсгæ, кæд Иов хъизæмар кæны, уæд æрмæст йæ тæригъæдты аххосæй. Фæлæ уый разы нæу семæ, уымæн æмæ зоны: ахæмæй ницы ракодта, цæмæй йæ Хуыцау афтæ карзæй бафхæра. Иовы фæнды Хуыцауимæ лæгæй-лæгмæ фембæлын, цæмæй Йын комкоммæ зæгъа, æназым кæй у, æнæхъуаджы йæ кæй сафы, уый. Иовы хæлæрттæн сæ ныхас айсы чиныджы æндæр архайæг – Елигу. Æппынфæстаг Хуыцау Йæхæдæг дзурын райдайы Иовимæ. Кæд Иовы фæрстытæн комкоммæ дзуапп нæ дæтты, уæддæр Хуыцау æмæ хъизæмаргæнæг Иовы фембæлд ахицæн вæййы сæ фидыдæй. «Хорз адæм хъизæмарæй цæмæн мæлынц?» Уыцы фарст цыма æнæ дзуаппæй баззад: иунæг дзуапп ын – Хуыцау æмæ адæймаджы æргом фембæлд.

Чиныг адих кæнæн ис фондз хайыл: 1) прозæйæ фыст бацæуæн (1–2 сæртæ); 2) Иовы ныхас йæ хæлæрттимæ, æртæ циклæй арæзт (3–11, 12–20, 21–31 сæртæ); 3) Елигуйы ныхас (32–37 сæртæ); 4) Хуыцау фæрстытæ Иовмæ (38–41 сæртæ); 5) прозæйæ фыст кæронбæттæн (42 сæр).

Иовы чиныгæн йæ фылдæр фыст у рæсугъд поэтикон æвзагæй. Фæлæ ацы æвзаг у тынг зынæмбарæн. Чиныджы цы дзуттаг дзырдтæ 'мбæлы, уыдонæй бирæтæ Библийы æмбæлынц æрмæст иунæг хатт, æмæ уымæ гæсгæ сæ нысаниуæг бынтон æмбæрстгонд нæу.

Уымæ ма ацы чиныджы къухфыстыты ис, алыхуызты бамбарæн кæмæн ис, бирæ ахæм бынæттæ – фразæтæ æмæ дзырдбæстытæ. Фæлæ чиныджы иумæйаг хъуыды уыдæттæй æппындæр нæ ивы.

---

**1** Бæстæйы, Уц, зæгъгæ, уым, цардис иу лæг,
йæ ном — Иов. Æнаипп æмæ раст адæймаг,
Хуыцауы тас æм уыди æмæ йæхи хызта исты
фыддзинад ракæнынæй. 2Цотæй йын ра-
цыди авд фырты æмæ æртæ чызджы. 3Авд
мины йæм фыстæ æмæ сæгътæ уыди, æртæ
мины — теуатæ, фондзсæдæ — сыл хæрджы-
тæ, фондзсæдæ цæды — галтæ. Йæ бирæ
фæсдзæуинтæ йын йæ хабæрттæ кодтой,
йæхицæй номдзыддæр нæ уыди Скæсæны.
4Иовы фырттæ-иу радгай куы иу æфсы-
мæры хæдзары æрæмбырд сты, куы ин-
нæйы, фынг-иу æрæвæрдтой æмæ-иу сæ
хотæм фæдзырдтой, цæмæй иумæ фынгыл
абадой. 5Сæ куывды бонтæ-иу куы ахи-
цæн сты, уæд-иу сæм кæддæриддæр Иов
йæхимæ фæсидти, цæмæй сын Хуыцаумæ
скува. Райсомæй-иу раджы сыстади æмæ-
иу сæ алкæй тыххæй дæр иууылсудзинаг
нывонд æрхаста. Уымæн æмæ афтæ хъуы-
ды кодта Иов: «Кæд, мыййаг, мæ фырттæ
æнæрхъуыдыйæ Хуыцауы фæхъыг кодтой
æмæ фæтæригъæдджын сты?» Æмæ кæд-
дæриддæр афтæ кодта.
6Иу бон Хуыцауы фырттæ Дунедарæджы
раз æрлæууыдысты, сайтан дæр — се 'хсæн.
7Дунедарæг æй бафарста: «Кæцæй æрбацыд-
тæ?» Уый загъта: «Зæххы цъарыл æрзылдтæн,
кæрæй-кæронмæ йæ басгæрстон». 8«Æмæ
уæд мæ цагъар Иовыл дæ цæст не 'рхæцыд? —
бафарста Дунедарæг. — Зæххыл уый хуызæн
æнаипп æмæ раст адæймаг нæй. Хуыцауы
тас æм ис, æмæ исты фыд ракæнынæй йæхи
хизы». 9«Æнæпайда куынæ у Иовæн Хуыцауы
тас», — дзуапп радта уый Дунедарæгæн. —
10Исты йын Ды нæ аудыс йæхиуыл дæр, йæ
бинонтыл дæр æмæ йæ исбоныл дæр? Ар-
фæгонд у Дæуæй йæ къухты фæллой, æмæ
йæ фосы рæгъæуттæ бæстыл нал цæуынц.
11Уæдæ ма йын, цы йæм ис, уымæ фæцагай,
кæддæра Дæ нæ ралгъитид!
12«Цыдæриддæр æм ис, уымæй дæ бар
ис, — загъта Дунедарæг, — фæлæ йын йæ-
химæ ма февнал». Æмæ уыйадыл сайтан
ацыди Дунедарæджы цурæй.
13Иу бон та Иовы фырттæ æмæ чызджытæ
сæ хистæр æфсымæры хæдзары цæл кодтой,
сæн нуæзтой. 14Уалынджы Иовмæ хабаргæ-
нæг фæци: «Галтæ быдыры хуым кодтой,

**1:6** Хуыцауы дæлбар уæлимонтæ.

сыл хæрджытæ уыдонæй чысыл æддæдæр
хызтысты, 15афтæ æваст савайæгтæ æрба-
лæбурдтой æмæ сæ атардтой. Дæ кусджы-
тæ иууылдæр карды комыл æфтыд фесты.
Иунæг æз ма аирвæзтæн удæгасæй, цæмæй
дын æй фехъусын кæнон».

16Уый йæ ныхас нæма фæци, афтæ æндæр
хабархæссæг æрбалæууыди: «Арвæй Хуыца-
уы зынг æрхауд, фысвос æмæ æххуырстыты
саусыгъд бакодта. Иунæг æз ма аирвæзтæн
удæгасæй, цæмæй дын æй фехъусын кæнон».
17Уый дзырд нæма фæци, афтæ та æндæр ха-
бархæссæг æрбалæууыди: «Æртæ къордæй
æрбалæбурдтой халдейæгтæ æмæ теуаты
атардтой. Кусджытæ карды комыл æфтыд
фесты. Иунæг æз ма аирвæзтæн удæгасæй,
цæмæй дын æй фехъусын кæнон». 18Уый
дзырд нæма фæци, афтæ та æндæр хабар-
хæссæг æрбалæууыди: «Дæ фырттæ æмæ дæ
чызджытæ сæ хистæр æфсымæры хæдзары
цæл кодтой, сæн нуæзтой. 19Æвиппайды
æдзæрæг быдырæй тыхдымгæ æрбацыди,
хæдзары цыппар фисынмæ фæлæбурдта.
Хæдзар ныккалдис æмæ дзы чидæриддæр
уыди, уыдон фæмард сты. Иунæг æз ма аир-
вæзтæн удæгасæй, цæмæй дын æй фехъусын
кæнон».

20Сыстади Иов, йæ уæлæдарæс арæдывта
фæйнæрдæм, йæ сæр ныддаста. Зæххыл
ныддæлгом ис 21æмæ загъта: «Мадард бæгъ-
нæгæй рацыдтæн мæ мады гуыбынæй æмæ
уырдæм дæр мадард бæгънæгæй ацæудзы-
нæн: Дунедарæг радта, Дунедарæг айста.
Арфæгонд уæд Йæ ном!» 22Уыимæ ницы
тæригъæды бацыди Иов, ницы азым æр-
хаста Хуыцаумæ.

**2** Иу бон та Хуыцауы фырттæ Дунедарæ-
джы раз ногæй æрлæууыдысты, сайтан дæр
семæ. 2Дунедарæг æй бафарста: «Кæцæй
æрбацыдтæ?» «Зæххы цъарыл æрзылдтæн,
кæрæй-кæронмæ йæ басгæрстон», — дзуапп
радта уый. 3«Æмæ уæд мæ цагъар Иовыл дæ
цæст не ’рхæцыд? — бафарста йæ Дунеда-
рæг. — Зæххыл уый хуызæн æнаипп æмæ
раст адæймаг нæй. Хуыцауы тас æм ис, æмæ
фыд ракæнынæй йæхи хизы. Ныронг дæр
æнаипп у. Ды та Мæ йæ ныхмæ ардыдтай,
цæмæй йæ Æз æнæ исты аххосæй бабын
кæнон». 4«Йæхи цармæн мацы уæд, уый
йеддæмæ адæймаг кæйфæнды царм дæр
рауæлдай кæндзæн, — дзуапп радта сайтан
Дунедарæгæн. — Йæхи царды сæраппонд,
цыдæриддæр æм ис, уыдоныл фæстæмæ
нæ фæхæцдзæн. 5Фæлæ ма йын уæдæ йæхи
стæг, йæхи буармæ февнал, кæддæра Дæ
нæ ралгъитид?» 6«Дæ къухты ис, — загъта
Дунедарæг. — Цы дæ фæнды, уый йын кæн,
æрмæст æй удæгасæй ныууадз».

7Æмæ уыйадыл сайтан ацыди Дунедарæ-
джы цурæй. Иовы буар йæ къахы бынтæй йæ
сæры онг судзаг цъутхал фестын кодта. 8Иов
фæнычы сбадт æмæ дурыны састæй йæ буар
хафта. 9Йæ ус ын загъта: «Уыцы æнаиппæй
кæдмæ лæудзынæ? Хуыцауæн æвзæр зæгъ
æмæ боны фæстагмæ амæл!» 10«Сæлхæр усы
ныхæстæ кæныс! — дзуапп ын радта Иов. —
Ау, Хуыцауæй хорз райсынмæ цæттæ куы
вæййæм, уæд Дзы æвзæр исты цæуылнæ
хъуамæ райсæм?»

Æмæ йæ иу ныхасæй дæр тæригъæды нæ
бацыди Иов.

11Иовы бæллæхты кой йе ’ртæ хæлары æры-
хъуыстой æмæ йæ бабæрæг кæнынмæ сæ
хæдзæрттæй рараст сты: Елифаз — Теманы
сахарæй, Билдад — Шуахæй, Цофар — Наа-
майæ. Сæмбæлдысты, цæмæй йæм иумæ
ацæуой, йе ’нцой балæууой æмæ йын ныф-
сытæ авæрой. 12Дардæй суыдтой Иовы æмæ
йæ нал базыдтой. Уæд æртæ хæлары хъæрæй
ныккуыдтой, сæ уæлæдарæс фæйнæрдæм
арæдывтой, армыдзагæй сæ сæртыл рыг
калдтой. 13Авд боны æмæ авд æхсæвы йæ
фарсмæ зæххыл фæбадтысты. Иу ныхас дæр
сæ ничи скодта, уымæн æмæ йын йе стыр
хъизæмар уыдтой.

**3** Иов дзурын райдыдта æмæ, дунемæ цы
бон фæзынди, уый фелгъыста. 2Загъта Иов:
3 «Дæлдзæх ныххауæд
мæ райгуырæн бон,
гуырдз равзæрд, зæгъгæ,
куы загъдæуыди, уыцы æхсæв.
4 Саудалынг фестæд уыцы бон,
Хуыцауæй уæлæрвты
рохуаты куыд аззайа,
рухсы цъыртт æм куыд никуы бакæса!
5 Саудалынг æмæ йæ мæрдон фæлм
æнæхъæнæй сæхи бакæнæнт,
сау æврагъ ыл æртыхсæд,
æмæ йыл тар хурдалынгау
стыр тас бафтауæд!
6 Саудалынг фестæд уыцы æхсæв,
афæдзы бонтæм куыннæ бахауа,
мæйтæй иуимæ дæр
ымад куыннæ ’рцæуа!

**1:20** Сау дарыны нысан рагон Израилы. **2:9** Дзуттаг тексты ацы бынаты пайдагонд цæуы эвфемизмæй: «Хуыцауæн арфæ ракæн æмæ боны фæстагмæ амæл!» **2:12** Мæрдæгъдауы фæтк рагон Израилы.

7 Уыцы æхсæв гуырдз ма равзæрæд,
цины хъæр ма райхъуысæд!
8 Бон чи æлгъиты,
Левиафаны райхъал кæнын кæй бон у,
уыдоны ’лгъыст æй баййафæд.
9 Стъалы ма фæзынæд йæ изæры арвыл,
саугуырм бауæд йæ бонцъæх,
хурыскастмæ ныуурс уæнт
йæ цæстытæ,
фæлæ сæуæхсиды рухс ма фенæд!
10 Уымæн æмæ мын мæ ныййарæджы
æнæзæнæг нæ фæкодта,
хъизæмæрттæн мæ равзæрын кодта.
11 Мæ мады гуыбынæй куы рацыдтæн,
тæккæ уыцы уысм
мæ уд цæуылнæ систон?
12 Уæрджытыл мæ цæмæн æрæвæрдтой,
мæ мады ’хсырæй мæ цæмæн схастой?
13 Мæхицæн æнæмæтæй
хуыссин æмæ улæфин,
14 ныр сæ арæзтытæ
хæлддзаг кæмæн сты,
кæддæры уыцы паддзæхтæ
æмæ сæ уынаффæгæнджытимæ;
15 йæ сыгъзæринтæн
ныккæнæн кæмæн нæ уыд,
йæ хæдзар æвзистæй
чи байдзаг кодта,
уыцы бонджын æлдæрттимæ.
16 Баныгæдтаиккой мæ æфхæлцытимæ,
боны рухс чи нæ федта, уыдонимæ.
17 Уым æнаккæгтæ дæр
æрсабыр вæййынц,
уым цардæфхæрдтæ дæр сулæфынц,
18 уым ахæстытæ дæр ссарынц æнцой,
сæ цæстдарджыты хъæр
нал фæхъусынц.
19 Уым гыццыл лæг дæр
æмæ стыр лæг дæр
иу ран сты,
уым йæ хицауæй сæрибар у цагъар.
20 Удхаргæнæджы цæмæн хъæуы рухс,
удвæллады та — цард?
21 Мæлæтмæ бæргæ у сæ каст,
фæлæ — нæй,
хæзна ссарынæй сын уый уынд
æхсызгондæр уаид.
22 Ныццин кæниккой уыдон
сау ингæныл,
чырыныл кæй фæхæст сты, ууыл.
23 Цæмæн рардæуы уыцы лæгæн цард,
Хуыцау Йæхæдæг йæ развæндаг
цæлхдуртæй кæмæн æхгæны?
24 Мæ тыхулæфт мæ хæринаг у ныр,
мæ хъæрзын донау ивылы.
25 Цæмæй-иу тарстæн,
уый мыл ныр æрцыд,
Цæмæй стъæлфыдтæн,
уый мæ баййæфта.
26 Æнцой мын нæй,
æрсабыр нæй, æрулæфт,
æрмæстдæр удхар у мæнæн мæ хай».

**4** Æмæ дзуапп радта Елифаз, теманаг:
2 «Куы дын бафæнда
исты зæгъын искæй,
уæд дын йæ дзырд
куы фæхъыг уа, мыййаг?
Фæлæ æнæ зæгъгæ дæр куыд ис?
3 Бирæтæн-иу дæхæдæг зонд амыдтай,
цы къухтæ-иу æрлæмæгъ сты,
уыдон-иу фæфидар кодтай,
4 фæцудæгæн ныфсы хос уыд дæ ныхас,
лæмæгъ къæхтæ-иу
нал кодтой дыдæгътæ.
5 Дæхи рад у ныр та, æмæ нæ быхсыс;
фыдбылыз дæхиуыл æрцыд,
æмæ катайы бацыдтæ.
6 Хуыцауы тас дын
æнцой хъуамæ ма дæттид,
дæ фæндæгты æнаипдзинад —
фидар ныфс?
7 Ахъуыды-ма кæн:
кæд чи бабын ис æнæ аххосæй,
раст адæймаг кæд фесæфти?
8 Æрæййæфтон афтæ:
тæригъæды хуым-иу чи бакодта
æмæ-иу дзы фыддзинад чи байтыдта,
уыдонæн-иу сæхи кæрдинаг фæци,
9 уыдон Хуыцауы комытæфæй
бабын вæййынц,
Йæ масты раулæфтæй æрбайсæфынц.
10 Æрбацыдæр вæййынц
домбайы рыхын,
знæт домбайы хъæлæс,
æвзонг домбæйтты ссыртæ.
11 Тыхджын домбай
æнæ амæттагæй амæлы,
мадæл домбайæн йæ лæппынтæ
алырдæмты ныххæлиу вæййынц.

12 Раргом ис сусæг дзырд мæ удæн,
мæ хъустæ мынæг ныхас æрцахстой.
13 Адæм тарф фынæй куы кодтой,
уæд мыл

**3:8** Левиафан – денджызон мамм рагон семитаг мифологийы, Хуыцаумæ ныхмæвæрд тыхты символ. **3:12** Ацы ран ныхас цæуы мады нæ, фæлæ фыды уæрджытыл: ноггуырды йæ байзæддагыл кæй ныммайы, уый нысанæн-иу æй фыд йæ уæрджытыл æрæвæрдта.

æхсæвы æнæнцой цæстылуайæнтæй
14 фыр тæссæй ризæг бахæцыд,
ме уæнгтæ æрызгъæлдысты:
15 мæ цæсгомы рæзты
атахти цыдæр мон,
æмæ мæ сæры хъуын арц сбадти.
16 Мæ тæккæ раз куы 'рлæууыди,
уæд дæр æй дзæбæх не 'взæрстон,
æрмæстдæр ын йе 'ндæрг уыдтон.
Æдзæм уыд алцы,
стæй райхъуысти хъæлæс:
17 „Куыд уыдзæн адæймаг
Хуыцауæй растдæр?
Куыд уыдзæни лæг
йе Скæнæгæй сыгъдæгдæр?
18 Уый Йæ дæлдæртыл
æхххæстæй Йæ зæрдæ нæ дары,
Йæ зæдты дæр нæ хоны æнæлаз.
19 Цы загъдæуа уæд, сæ бындур
зæххы рыг кæмæн у,
æлыгæй конд хæдзæртты чи цæры,
рæмпæгæй æнцондæр
æртъæппгæнæн кæй ис!
20 Сæумæрайсомæй изæрмæ — сæ цард,
æнустæм куыд æрбатар уыдзысты —
зонгæ дæр æй нæ бакæндзынæ.
21 Сæ уды таг æрбаскъуыйы,
уæлзондмæ нæма сæххæссынц,
афтæмæй".

**5** Ныхъхъæр кæн — чи дын ратдзæн
дзуапп?
Æппындæр ничи,
иу сыгъдæг дæр — нæ!
2 Æдылыйы бабын кæны йæ маст,
æнæзонд йæ мæстыгæрæй фесæфы.
3 Æз федтон: æдылы
йæ уидæгтæ арф нæма ауагъта,
афтæ æвиппайды йæ хæдзар
æрбайхæлди, æлгъыстау.
4 Йе 'намонд цотæн
фехуысгæнæг нæ уыдзæн,
кулдуары раз сæ
исчи куы мара, уæд дæр.
5 Æххормаг лæг ын
бахæрдзæн йæ тыллæг —
какон сындз дæр æй нæ бауромдзæн,
цыбæлгæнæг ын бацахсдзæн йæ исбон.
6 Уымæн æмæ фыдбылыз
сыджытæй нæ равзæры,
æмæ бæллæх бадыры не 'рзайы.
7 Уый адæймаг райгуыры хъизæмарæн,
цæмæй зынджы стъæлфæнау
арвмæ стæха.
8 Фæлæ мæнæн Хуыцаумæ у ме 'ргом,
æмæ мæ хъаст Уымæ хæссын.
9 Уымæн Йæ хъуыддæгтæ сты æгæрон,
зонд сæ нæ ахсы,
Йæ диссæгтæн кæрон дæр нæй.
10 Зæххы цæсгом æхсы къæвдайæ,
донхорыг кæны быдыртæ.
11 Æгады бынаты чи уыди,
уый сбæрзонд кæны,
кæуинаг чи фæци,
уый фервæзын кæны.
12 Мæнгæрдты фæндтæ æрбайхалы,
сæ къухтæ сын фæцыбыр кæны.
13 Æгæр зондджынтæн
сæ хинтæ сæхи ныхмæ саразы,
хинæйдзæгтæн сæ фæндтæ фехалы.
14 Боныгон сыл саудалынг æртыхсы,
бон-сихорафон, цыма æхсæв у, уыйау,
куырмæджы цæуæгау, цæуынц.
15 Мæгуыр лæджы Уый
бахизы сæ кардæй,
сæ дзыхæй, сæ хъомысджын къухæй.
16 Уымæн нæу мæгуыр лæг æнæныфс,
уымæн æрцæуы æхгæд мæнгард ком.

17 Тæхудиаг у,
Хуыцау зонды къахыл
кæй æвæры, уый,
уымæ гæсгæ
Æппæтхъомысы 'фхæрдыл
дæхи ма тигъ кæн.
18 Уый цæвгæ дæр Йæхæдæг ныккæны,
æмæ цæфтæ дæр Йæхæдæг бабæтты,
ныццæвæг дæр
æмæ сдзæбæхгæнæг дæр
Уый Йæхæдæг у.
19 Æхсæз бæллæхæй дæ бахиздзæн,
æвдæм дæм хæстæг не 'рбацæудзæн.
20 Æххормаг заман
дæ мæлын нæ бауадздзæн,
хæсты быдыры дæ
карды комæй бахиздзæн.
21 Фыдæвзаг дæм нæ баххæсдзæн,
гæныстонæй дын тас нæ уыдзæн.
22 Гæныстон æмæ дæм стонджы кой
худæг дæр ма кæсдзæн,
хъæддаг сырдтæй нæ фæтæрсдзынæ.
23 Быдираг дуртæ дын
цæдисонтæ суыдзысты,
хъæддаг сырдтимæ
хæларæй цæрдзынæ.
24 Базондзынæ, дæ цатырæн ницы тас у,

**4:19** Ацы ран метафорæйы хуызы афтæ схуындæуыд адæймаджы буар.

ærkæсдзынæ дæ бынæттæм —
алцæмæй дæр нывыл сты.
25 Дæ цæстæй фендзынæ дæ бирæ цоты,
Быдыры кæрдæгау æнæнымæц
уыдзысты дæ байзæддаг.
26 Карджынæй бацæудзынæ ингæнмæ,
йæ афоныл кæй банай кодтой,
йæ афоныл найгонд æфсирау.
27 Уый афтæ кæй у,
уый мах лыстæг равзæрстам.
Æрбайхъус æмæ йæ бахынц».

6 Æмæ дзуапп радта Иов:
2 «Тæхуды, мæ рисæн сбарæн куы уаид,
мæ мастæн — тæрæзтыл æрæвæрæн!
3 Уæд денджызы змисæй
уæззаудæр уаид,
мæ дзыхы дæр ныхас уымæн нæ бады.
4 Æппæтхъомысы фæттæ мæ
ахызтысты,
марг дарынц мæ удæн,
фыртас мыл бафтыдта Хуыцау.
5 Искуыдæр ма хъæддаг хæрæг
хизгæ-хизын фæуасы?
Искуыдæр ма гал
йæ кæвдæсы раз богътæ фæкæны?
6 Æдзæхх хойраг адæн кæмæн у?
Айчы урсы цæй ад ис?
7 Ахæм хойрагыл бандзæвон,
уый дæр мын æнад у,
ныр ме 'намонд сси мæ хойраг.
8 Тæхуды, куы сæххæст уаид
мæ курдиат,
куы нæ мын фæсаид
ме 'нхъæлц Хуыцау!
9 Тæхуды, Хуыцауы мæ
ныцъцъист кæнын куы бафæндид
æмæ мын мæлæтдзаг цæф
куы ныккæнид!
10 Мæ зæрдæ фæлæууид уæд,
æмæ раин мæ хъизæмæртты,
уымæн æмæ никуы атигъ кодтон мæхи
Уаз Хуыцауы ныхæстыл!
11 Цы ныфсæй фæразон,
хъару мæм куынæуал ис?
Цы уыдзæн мæ кæрон?
Цы ма у мæ цард?!
12 Исты мын дуры фидар ис?
Исты æфсæйнагæй конд дæн?
13 Мæхицæн æххуыс мæхимидæг агурон,
цавæр æнцой мын ис?
14 Дæ тыхст хæларæн батæригъæд кæн,
Хуыцауы тас æм
куынæуал уа, уæддæр.
15 Фæлæ мæныл ме 'фсымæртæ
тагъд донау сæ зæрдæ сивтой,
уалдзыгон донвæдау
раив-баив кæнынц.
16 Уыдон — ихы бын сау æрсдонау,
йæ мидæг миты фæзгъæртæ
кæмæн ленк кæны.
17 Æнтæфы айсысынц,
æмæ сæ донвæд сурæй аззайы.
18 Уыдоны аххосæй
чырæласджытæ
фæдзæгъæл вæййынц,
æдзæрæг быдыры сæ мæлæт ссарынц.
19 Дзæгъæлы сæ фæагурынц
темайаг чырæтæ,
сæ зæрдæ сыл дарынц
савайаг фæндаггæттæ;
20 сæ зæрдæдарæн мæнг разындзæн,
фыдæнхъæл фæуыдзысты,
хуыскъ ададжы цурмæ
куы бахæццæ уой, уæд.
21 Сымах дæр уыдоны хуызæн —
мæ дудгæбон мын федтат
æмæ фæтарстыстут.
22 Куы ницы уæ агуырдтон,
уæ мулкæй уын мæ тæрхонгæнæгæн
гæртам куы нæ домдтон!
23 Куы нæ уын загътон:
„Ме знæгтæй мæ фервæзын кæнут,
ме 'фхæрджытæн мын
ахæстаргъ бафидут!"
24 Зонд мын бацамонут,
æмæ мæ дзых сæхгæнон,
цы фæрæдыдтæн,
уый мын бамбарын кæнут.
25 Æргом ныхас зын уромæн у,
фæлæ уæ уайдзæфтæ
куы ницы марынц!
26 Мæ ныхæстæм мын
фау æрхæссынмæ хъавут?
Æмæ сæ дымгæйы хай куы бакодтат?
27 Сымах сидзæры тыххæй
хæлттæ æппарут,
уæ хæларæн дзыхъхъ къахут.
28 Æрбакæсут-ма мæм,
уæхи раз уæ нæ асайдзынæн!
29 Уæхи æрæмбарут,
фыддзинад ма 'руадзут,
æрбайхъусут,
ме 'рдыгæй ис рæстдзинад!
30 Ау, ме 'взаг сайгæ кæны,
ау, мæ ком мæнгдзинады ад
нал иртасы?!

7 Адæймагæн нывгонд у
цагъары уæззау куыст цæрæнбонты.

2 Цагъарау тыхсы æмæ бæллы аууонмæ,
æхxуырст кусæгау йæ цæстытæ
ныуурс вæййынц йæ куысты мыздмæ.
3 Афтæ мæ хай сты мæнæн дæр
æнæуд мæйтæ,
мæ хъысмæт — уæззау æхсæвтæ.
4 Куыддæр æрхуыссын, афтæ
сыстынмæ æнхъæлмæ кæсын
райдайын,
фæлæ æхсæв ныддаргъ вæййы, æмæ
боныцъæхтæм мæ рафт-бафтæй
не ’рæнцайын.
5 Мæ буар скæлм ис,
хæлмæгтæй нал зыны,
аскъуыдтæ ис, æмæ йæ цъæй мизы.
6 Тынуафæджы цъæгъæдзау
стыриндз сты мæ бонтæ,
æмæ сæм кæсын нифссастæй.
7 О ме Скæнæг, мæ цард —
дымгæйы иу æрбафуттау,
хорзæй ницыуал фендзынæн.
8 Ныр мæ чи уыны,
уый мæ нал фендзæни.
Кæс — æмæ нал дæн.
9 Мигъы стыг тайын куыд райдайы
æмæ куыд æрбайсæфы,
афтæ мæрдтыбæстæм ныххизæг дæр
уæлæмæ нал сыздæхы.
10 Йæ хæдзармæ нал раздæхдзæн,
йæ райгуырæн уæзæг æй
нал фендзæни.
11 Уымæ гæсгæ æз мæ дзыхыл
нæ ныххæцдзынæн —
мæ уды хъизæмæрттæ
фæдзурдзынæн,
мæ уды риссæгтæ скалдзынæн.
12 Денджыз дæн æви фурды залым дæн,
мыййаг,
хъахъхъæнджытæ мын
цы сæвæрдтай?
13 Мæхицæн бæргæ фæзæгъын,
мæ хуыссæнуат мын
мæ хъизæмар айсдзæн,
хуыссæг мын мæ зæрдæ
фæфидар кæндзæн.
14 Фæлæ мæ фыдфынты хай фæкæныс,
æбуалгъ нывтæ мын
мæ цæстытыл бафтауыс.
15 Бæргæ, куынæуал сулæфин фæлтау,
куы амæлин æмæ ацы буарæй
куы фервæзин.
16 Сæнад мын ис цард,
фæлæ йын кæрон уыдзæн.
Ныууадз мæ! —
дымгæйы иу æрбафуттау — мæ бонтæ!
17 Уый аккаг у адæймаг,
æмæ йæ Ды афтæ скадджын кæнай
æмæ дзы Дæ цæст ма исай?
18 Æрвылрайсом æм фæзыныс,
алы уысм дæр æй фæлварыс.
19 Иу ран мæ кæд ныууадздзынæ,
иу уысм мæ кæд
феуæгъд кæндзынæ, —
мæ сæт уæд та нынныхъуырон?
20 Тæригъæды кæд бацыдтæн,
уæд дæр Дæуæн цы ракодтон,
о адæмы Цæстдарæг?
Цæмæн мæ сæвæрдтай мысанæн,
мæхицæй дæр куы стыхстæн, уæд?
21 Цæуылнæ мын ныббарыс мæ азым,
цæуылнæ мын ныххатыр кæныс
мæ тæригъæд?
Æз рæхджы
фæдæлсыджыт уыдзынæн,
агурдзынæ ма мæ,
фæлæ — ницы!»

**8** Уæд ын дзуапп радта Билдад, шуахаг:
2 «Ахæм ныхæстæ кæдмæ кæндзынæ?
Дæ дзыхы дзырд — уаддымгæйау.
3 Ау, Хуыцау тæрхон
сзыгъуыммæ кæны?
Ау, Æппæтхъомыс рæстдзинад
сзыгъуыммæ кæны?
4 Кæд дæ цот Хуыцауы раз
тæригъæд ракодтой,
уæд сын сæ тæригъæды аккаг фæци.
5 Дæ Хуыцауы зæрдиагæй куы агурай,
Æппæтхъомысæй хатыр куы курай,
6 уæд дæм Уый æркæсдзæн æмæ,
кæд сыгъдæг æмæ раст дæ,
уæд дæ фарс рахæцдзæн
æмæ дын дæ цард
аккаг бынаты сбадын кæндзæн.
7 Цы суыдзынæ, уый раз дæм,
раздæр цы уыдтæ,
уый ницыуал кæсдзæн.
8 Бафæрс-ма хистæрты,
сæ фыдæлтæн цы раргом ис,
уый базон.
9 Мах та зоныккон стæм æмæ ницы
зонæм,
уымæн æмæ æрбайсæфынц
æндæргтау
нæ царды бонтæ зæххыл.
10 Уыдон дын бацамонæнт,
уыдон дын радзурæнт,
уыдон дын зæрдæбынæй зæгъæнт:
11 цъыфдзаст кæм нæй,
уым цъæнут æрзайы,

хъæз æнæ донæй йæхиуыл схæцы?
12 Дидинæг фæкалы,
фæлæ æнæ донæй,
æнæ 'ртонгæйæ дæр,
иннæ зайæгойтæй тагъддæр
бахус вæййы.
13 Афтæ у, Хуыцауы чи ферох кæны,
уыдоны хъуыддаг дæр,
æнæхуыцау адæймагæн
йæ зæрдæ амæлы.
14 Йæ ныфс гæбазгай ныввæййы:
йæ зæрдæ цæуыл дары,
уый тæссонд у,
хæлуарæджы тынæй уæлдай нæу.
15 Йæ хæдзарыл куы банцой кæна,
уæд æй уый нæ бауромдзæн,
йæ тых йæ бонæй йыл куы ныххæца,
уæддæр йæ къахыл не слæудзæн.
16 Цъæх-цъæхидæй хурмæ
бæргæ æрттивы,
йæ къабæзтæ дыргъдоны
фæйнæрдæм фæцыдысты.
17 Йæ уидæгтæ хуыртæ гæрдынц,
дурты цæндыл хæрдмæ хилынц,
18 фæлæ йæ сыскъуын йæ бынатæй,
уæд ыл йæ бынат дæр
йæ къух ауигъдзæн,
ам дæ уынгæ дæр
никуы фæкодтон, зæгъгæ.
19 Уый дын йæ цардамонд!
Йæ бынаты та æндæртæ сзайы.
20 Хуыцау нæ аппардзæни рæстаджы
æмæ фыдгæнæджы фарс
нæ фæлæудзæн.
21 Уый дын фæстæмæ дæ цæсгоммæ
мидбылхудт раздахдзæни,
дæ ком дын цины хъæртæй
байдзаг кæндзæни.
22 Де знæгтæ худинаджы бын
фæуыдзысты,
æнаккæгтæ хæдзархæлдæй
баззайдзысты».

**9** Æмæ дзуапп радта Иов:
2 «Бæргæ зонын, афтæ кæй у, уый,
фæлæ Хуыцауы раз адæймаг
йæхи куыд сраст кæндзæн?
3 Йæ ныхмæ чи бахъаст кæндзæн
æмæ Йын Йæ мин фарстæй
иуæн дæр дзуапп чи ратдзæн?
4 Иууылкуырыхон æмæ
иууылхъаруджын дæр
Йæ ныхмæ куыд фæлæудзæн?
5 Хæхтæ йæ зонгæ дæр нæ бакæнынц,
афтæмæй сæ æваст
иуварс куыд ассоны,
мæстыйæ сæ куыд фæфæлдахы,
уый ничи зоны.
6 Зæхх йæ бындзарæй
нынкъуысын кæны,
йæ бынатæй йæ фæиртасы,
йæ бындуртæ йын ныррызын кæны.
7 Уый куынæ зæгъа,
уæд хур не скæсдзæн,
стъалытæ гуыдырæввæрдæй
баззайдзысты.
8 Уый райтындзы уæлæрвтæ,
денджызты рæгътыл лæгæрды.
9 Уый сфæлдыста Аш, Кесил æмæ Хима,
стæй хуссайраг стъалыгуппартæ.
10 Уымæн Йæ хъуыддæгтæ
адæймаджы зонд нæ ахсы,
Йæ диссæгтæн кæрон нæй!
11 Мæ рæзты рацæуа —
нæ Йæ фендзынæн,
Йæ къахуынæр Ын нæ фехъусдзынæн.
12 Исты куы иса —
Йæ ныхмæ чи фæлæудзæн?
Чи фæхъæр кæндзæн:
„Уый цы ми кæныс?“
13 Хуыцау куы смæсты уа —
нæй Йын бауромæн,
Рахавы лæггадгæнджытæ Йæ разы
сæ зонгуытыл æрхаудзысты.
14 Уæд Ын æз та
цы дзуапп хъуамæ раттон,
цавæр ныхæстæ Йын хъуамæ ссарон?
15 Раст куы уон,
уæд дæр лæгъстæйæ дарддæр
ницы зæгъдзынæн
мæ Тæрхонгæнæгæн.
16 Куы Йæм ныхъхъæр кæнин,
æмæ мын дзуапп куы раттид,
уæд дæр мæ нæ бауырнид,
кæй мæм байхъусдзæн, уый.
17 Уаддымгæйау мыл Йæхи ныццавта,
æнаххосæй мæ хойы æмæ хойы.
18 Сулæфын дæр мæ нæ уадзы,
мастæй мæ скодта мæ хъуырмæ.
19 Тыхыл куы дзурæм — тых Уымæ ис,
Тæрхоныл куы дзурæм —
тæрхоны раз Æй
чи æрлæууын кæндзæн?
20 Раст куы уон, уæд дæр мæ дзых
мæхи ныхмæ рацæудзæн;
азымджын куынæ уон,

**9:9** *Аш* — Фисынмæдзæуджытæ (Большая Медведица).
**9:9** *Кесил* — Фыййауы лæдзджытæ (Орион).
**9:9** *Хима* — Авд хойы (Плеяды).

уæд дæр мæ фæзылынджын кæндзæн.
21 Сыгъдæг дæн,
фæлæ уый цы хъауджыдæр у,
мæ цард мын куы сæнад ис, уæд?
22 Æз афтæ зæгъын, æмæ уæлдай нæу:
æмхуызон сафы Уый æназымы
æмæ æнаккаджы.
23 Æнæнхъæлæджы бæллæх
мæлæтхæссæг у,
Уымæ та рæстаджы ныфссаст
худæг кæсы.
24 Фыдгæнджыты къухы ис зæхх,
æмæ тæрхоны лæгты цæстытæ
кæд Уый нæ бакуырм кæны, уæд чи?
25 Фæдисонау згъорынц мæ бонтæ,
уайынц, фæлæ сæм
хорзæй ницы зыны.
26 Цъæнут бæлæгътау тындзынц,
цæргæс йæ амæттагмæ
куыд тындза, афтæ.
27 Бæргæ фæзæгъын,
ныууадзон мæ сагъæс,
тарæрфыг ма уон, мæхиуыл схæцон,
28 фæлæ тæрсын мæ сомбонæй,
зонын: æназым мæ нæ рахондзынæ.
29 Æмæ кæд азымджынæй
баззайдзынæн,
уæд ма цы у мæ фыдæбон дæр?
30 Митдоны мæхи куы цынайон,
мæ къухтæ фæныкдонæй куы цæхсон,
31 уæд дæр мæ Ды цъыфы сæвдулдзынæ,
æмæ мыл мæ дарæс дæр
æлгъ кæндзæн.
32 Уый адæймаг нæу мæнау,
цæмæй Йемæ быцæу кæнон
æмæ Йемæ тæрхондонмæ ацæуон.
33 Не 'хсæн чи балæууа,
нæ дыууæйыл дæр æмхуызон
йæ арм чи æрхæсса, уый нæй.
34 Йæ лæдзæг мæ куы аиуварс кæнид,
стыр тасы мæ куынæ æфтауид,
35 уæд æдæрсгæ сдзурин Йæ разы,
фæлæ хъуыддаг афтæ нæу —
бынтон иунæг дæн æз.

**10** Цардæй мæ зæрдæ фæцъæх ис,
æмæ куыннæ кæнон хъарджытæ?
Мæ уды хъизæмар
раргом кæндзынæн.
2 Хуыцауæн зæгъдзынæн:
тæрхон рахæссынмæ тагъд ма кæн,
мæ азым уал мын бамбарын кæн!
3 Хорз Дæм кæсы
Де сконд адæймаджы 'фхæрын
æмæ йыл Дæхи тигъ кæнын,
æнаккæгтыл та аудын?
4 Исты Дын адæймаджы цæстытæ ис,
æмæ Ды дæр адæймагау кæсыс?
5 Исты Дæ бонтæ
адæймаджы бонтау сты,
Дæ азтæ — адæймаджы азтау?
6 Аххос мæм цы агурыс,
тæригъæд мæм ссарынмæ
цы архайыс?
7 Зоныс æй, азымджын кæй нæ дæн,
фæлæ мæ Дæ къухтæй
ничи фервæзын кæндзæн.
8 Дæ къухтæ мыл бафыдæбон кодтой,
Дæхи къухæй мæ скодтай,
афтæмæй мæ ныр
Дæхи къухæй сафыс.
9 Цыма æлыг дæн,
уыйау мæ куыд арæзтай,
уый Дæ зæрдыл æрлæууын кæн —
ныр мæ фæстæмæ
рыг куыд хъуамæ фестын кæнай?
10 Æркодтай мæ æхсырау,
къæдорау мæ сбæзджын кодтай.
11 Фыд æмæ цармæй, стæг æмæ нуарæй
сифтонг дæн.
12 Цард мын балæвар кодтай,
æдзух мыл аудыдтай,
æмæ Дæуыл лæууыди мæ уд.
13 Фæлæ мæнæ ис, цы сусæг кодтай, уый,
зонын дын Дæ фæндон.
14 Тæригъæд мын нæ ныббардзынæ,
мæ рæдыд мын
нæ ныххатыр кæндзынæ.
15 Кæд аххосджын дæн,
уæд — додой мæ къона!
Кæд мæм азымæй ницы ис,
уæддæр мæ сæр хæрдмæ сисын
нæ бауæнддзынæн.
Къæхты бынмæ 'рхаудтæн,
худинаджы бын фæдæн,
мастæй мæ хъуырмæ сдæн.
16 Мæ мæстытæ къаддæр нæ кæнынц.
Куыддæр мæхиуыл
хæрдмæ схæцын, —
домбайау мыл Дæхи ныццæвыс.
17 Ног æмæ ногæй мæ азымджын кæныс,
Дæ маст карзæй-карздæр кæны,
фыдбылызтæ иу иннæйы фæдыл
сыстадысты мæ ныхмæ.
18 Дунейы рухс мын
цæмæн фенын кодтай?
Фæлтау куы амардаин —
уæд мæ никæй цæст федтаид!
19 Фæлтау мæ мады гуыбынæй
комкоммæ ингæнмæ куы бахаудаин,

цыма дунейыл
мæ кой дæр нæ уыди, афтæ!
20 Æз бирæ нал ахæсдзынæн,
ныууадз мæ, —
иу чысыл уæддæр фæхæцон мæхиуыл,
21 цалынмæ æнустæм нæ ацыдтæн
саудалынг бæстæм,
22 рухсы цъыртт кæм нæй,
рухс дæр талынджы хуызæн кæм у,
уырдæм».

**11** Æмæ йын дзуапп радта Цофар, наамайаг:
2 «Дæргъвæтин ныхасæн дзуапп нæй,
æнхъæлыс?
Бирæ чи дзуры, дæумæ гæсгæ,
раст уый вæййы?
3 Дæ дзæгъæлдзырдмæ дын
хъуамæ хъусæй лæууæм,
куы нæ хъазай,
уæд дын макæ мачи зæгъа?
4 Афтæ дæм кæсы,
цыма рæстытæ дзурыс
æмæ Хуыцауы раз сыгъдæг дæ.
5 Фæлæ ныр, тæхуды,
Хуыцау исты куы сдзурид
æмæ дын дзуапп куы раттид,
6 Уæлзонды сусæгтæ —
уæлзонд бирæвæрсыг у —
дын куы раргом кæнид,
уæд базонис,
дæ тæригъæдтæ дын Хуыцау
æгæр хорз дæр ма кæй бары, уый.
7 Хуыцауы ды куыд хъуамæ раиртасай,
Æппæтхъомысы
æххæстæй куыд хъуамæ бамбарай?
8 Уый арвæй уæлдæр у.
Куыд æм сæххæсдзынæ?
Мæрдтыбæстæй арфдæр у.
Куыд æй базондзынæ?
9 Зæххæй æгæрондæр,
фурдæй фæтæндæр у Уый.
10 Кæмæ фæкомкоммæ уа
æмæ ахæстоны кæй бакæна,
уымæн цы йæ бон у?
11 Уый зоны мæнгæрдты;
тæригъæд куы фена,
уæд æй афтæ куыд ныббардзæн?
12 Адæймаг йе 'нæзондæй
зондджын ныхæстыл схæцы,
афтæмæй хъæддаг хæрæгæй уæлдай
ницы æмбары.
13 Дæхи куы æрæмбарай
æмæ Йæм, лæгъстæгæнгæ,
дæ цæнгтæ куы ивазай,
14 дæ тæригъæдтæй куы фервæзай,
дæ цатырты аипджынæй
куы ницыуал ныууадзай,
15 уæд æнæкъæмдзæстыгæй
равдисдзынæ дæ цæсгом,
фидар лæудзынæ дæ къæхтыл,
æмæ дæ ницы тас уыдзæни.
16 Ферох дæ уыдзысты уæд
дæ хъизæмæрттæ,
чи акалди, уыцы донау
нал æрлæудзысты дæ зæрдыл.
17 Бонрæфтау ныййирд уыдзæни
дæ цард,
сæуæхсидау срухс уыдзæни
дæ цæсгом.
18 Æрсабыр уыдзынæ,
ныфс дæ бацæудзæни,
тас дын ницæмæй уыдзæн,
æмæ æнæмæтæй
бафынæй кæндзынæ.
19 Дæхицæн æнцад хуысдзынæ,
æмæ дын тас никæмæйуал уыдзæн,
бирæтæ дæ зæрдæ балхæныныл
архайдзысты.
20 Æнаккæгтæн та сæ
цæстыты рухс ахуысдзæн,
сæ сæр кæм бафснайой,
уый сын нæ уыдзæн,
сæ зæрдæдарæн фесæфдзæн».

**12** Æмæ дзуапп радта Иов:
2 «Лæгтæ, æцæгдæр, сымах стут
æмæ, куы амæлат,
уæд æппæт бæсты зонд
мæрдтæм уемæ ахæсдзыстут!
3 Мæныл дæр сымахау сæр ис, æмæ
æз дæр сымахæй
ницæмæй дæлдæр дæн,
стæй æппæт уыдæттæ чи нæ зоны?
4 Мæ хæлæрттæ мыл
сæхи худæгæй хæссынц,
Хуыцау, дам ын
мæнæ цы дзуапп радта —
æнæкъæм рæстуд сын хъазæнхъул сси!
5 Амондджын чи у —
æнамонддзинадыл худы,
йæ къæхтыл фидар чи нæ лæууы,
уыдонæн цæттæгонд у, зæгъгæ.
6 Абырджыты хæдзæрттæ цæрæг сты,
Хуыцауы чи мæсты кæны,
уыдон æдас сты,
цыма Хуыцау сæ къухы ис, уыйау.

7 Æгомыг фосы бафæрс —
бамбарын дын кæндзысты,

уæларвон мæргътæ дын
радзурдзысты;
8 зæххы бафæрс —
зонд дын бацамондзæн,
доны кæсæгтæ дын
рахабар кæндзысты.
9 Чи нæ зоны, алцыдæр Дунедарæг
сфæлдыста, уый?
10 Алы цæрæг уд дæр,
алы адæймаджы
царды комулæфт дæр
Йæ къухы ис.
11 Ныхæстæ хъус не 'взары,
комарынг ад не 'нкъары?
12 Зæронд куырыхон у,
бирæ азтæ зондыл æфтауынц.
13 Уæлзонд дæр, хъомыс дæр Уымæ ис,
уынаффæ дæр æмæ амонгæ дæр
Уый кæны.
14 Уый цы фехала —
ничиуал æй саразздзæн,
ахæстоны кæй бакæна,
уый уырдыгæй нал рацæудзæн.
15 Дæттæ куы баурома,
уæд бæстæ бахус уыдзæн,
куы сæ рауадза —
зæхх доны бын фæуыдзæн.
16 Хъомыс дæр æмæ уæлзонд дæр
Уымæ сты,
сайæг дæр æмæ сайд кæуыл æрцыд —
дыууæ дæр Йæ бар сты.
17 Уый уынаффæгæнджытæн
сæ сæрызонд фесафы,
тæрхонгæнджыты сæдылы кæны.
18 Паддзæхтæн сæ рон раппары
æмæ сын астæубосæй
сæ синтæ алвасы.
19 Сауджынты бæгъæввадæй атæры,
хъомысджынтæн сæ хъомыс фесафы.
20 Мæлгъæвзаджы æгомыг скæны,
зæрондæн йæ сæрызонд
баталынг кæны.
21 Уæздætты сæгад кæны,
хъаруджынты тых скадавар кæны.
22 Сау тарæн йæ арф байгом кæны,
мæрдон сæудар рухсмæ ракæны.
23 Адæмты бæрзонд дæр сисы
æмæ сæ сафгæ дæр фæкæны,
ныххæлиу сæ кæны
æмæ сæ æрæмбырд кæны.
24 Адæмты бардартæн байсы сæ зонд,
æдзæрæг быдыры, фæндаг кæм нæй,
уым сæ схæтæнхуаг кæны,
25 æмæ расыг лæгтау, уырзæй сгаргæ,
сæудары, æнæ рухсæй фæхилынц.

**13** Æппæт уыдæттæ æз мæхи цæстæй
федтон,
алцы æз мæхи хъусæй фехъуыстон
æмæ алцыдæр бамбæрстон.
2 Æз дæр сымахæй
къаддæр нæ зонын,
сымахæй дæлдæр ницæмæй дæн.
3 Фæлæ мæн фæнды
Æппæтхъомысимæ дзурын,
мæн фæнды Хуыцауимæ
быцæу кæнын!
4 Сымах та мæ дзæбæх кæнут
мæнгдзинадæй,
уе 'ппæт дæр стут
ницæйаг хосгæнджытæ!
5 Фæлтау куы ныхъхъус уаиккат,
уæд уый уæ зондыл дзурæг уаид.
6 Æрбайхъусут, цы уын зæгъын, уымæ
æмæ ахъуыды кæнут мæ ныхæстыл.
7 Уæ сайæн ныхæстæ
Хуыцауы кæм хъæуынц,
ау, Уый сæраппонд
сайгæ кæндзыстут?
8 Йæ сæрвæлтау фæливгæ кæнут,
Йæ сæрыл хæцын сымахмæ кæсы?
9 Куы уæ бафæлвара,
уæд та цы фæуыдзыстут?
Адæймаджы куыд асайут,
афтæ Йæ афæливдзыстут?
10 Цырон митæ Йын куы кæнат,
уæд дæр уæ Йæ азар
нæ фæивгъуыйдзæн.
11 Ау, Йе стырадæй не стъæлфут,
Йæ азарæй Йын нæ тæрсут?
12 Уæ ныхæстæ рыгæй уæлдай не сты,
æлыгæй конд уартыл
уæ зæрдæ ма дарут.
13 Ныхъхъус ут уæдæ,
дзырды бар мын раттут.
14 Мæхимæ дæндагæй лæбурын,
мæ къухы дарын мæ уд.
15 Мары мæ —
уæддæр Ыл мæ зæрдæ дардзынæн,
мæ рæстдзинадыл дзурдзынæн
Йæ разы,
16 æмæ уый фæрцы фервæздзынæн.
Æнæхуыцау та Йæм
хæстæг бацæуын дæр
нæ бауæнддзæн!
17 Лæмбынæг-ма æрбайхъусут,
цы уын дзурын, уымæ.
18 Æз мæ сæрыл мæхæдæг
рахæцдзынæн,
уымæн æмæ, раст дæн,
уый зонын.

19 Мæ ныхмæ дзурын
кæд æмæ искæй бон суа,
уæд æз банцайдзынæн
æмæ мæ уд сисдзынæн.
20 Дыууæ хъуыддагæй мæ бахиз æрмæст,
æмæ Дæ мæхи нал æмбæхсдзынæн:
21 Дæ къух мæм мауал ис
æмæ мын мæ уд мауал лас
Де стыр тасæй!
22 Уæд-иу мæм фæсид,
æмæ Дын дзуапп ратдзынæн,
кæнæ мын ратт ныхасы бар,
æмæ мын дзуапп дæтт Дæхæдæг.
23 Мæ тæригъæдтæ,
мæ фыдракæндтæ бирæ сты?
Бацамон мын мæ тæригъæдтæ
æмæ мæ рæдыдтытæ.
24 Цæмæн мæ æмбæхсыс Дæ цæсгом,
Дæхицæн мæ знагыл
цæмæн нымайыс?
25 Бæласæй цы сыф æрхауди,
ууыл Дæ тых фæлварыс?
Хус тихалæг Дæ уæлныхты цы сисыс?
26 Кæуинаг хъысмæт мын сныв кодтай,
мæ рагбонты рæдыдтытæ мын
бафидын кодтай карзæй.
27 Мæ къæхтыл мын
хъадамантæ бакодтай,
гакк мыл сæвæрдтай,
мæ алы къахдзæф дæр Дын
нысангонд у.
28 Æмæ бартхутæг дæн бутъройау,
рæмпæгдзæф дарæсау
мæхимидæг згъæлын.

**14** Сылгоймаг кæй ныййардта,
уыцы адæймагæн йæ цард цыбыр у,
йæ маст та — бирæ.
2 Дидинæгау райхæлы
æмæ бахус вæййы,
æндæргау фæзыны
æмæ фæцыдæр вæййы.
3 Æмæ Дæ цæстытæ уымæй нæ исыс,
тæрхондонмæ уый кæныс?
4 Чъизи цы у, уырдыгæй исчи
сыгъдæгæй исты райсдзæни? Ничи.
5 Кæд адæймагæн йæ царды бонтæ
нымад сты,
кæд Дын йæ мæйтæ дæр барст сты,
æмæ йын уыцы арæны сæрты
ахизæн нæй,
6 уæд æй иу чысыл сулæфын бауадз,
æхххуырст кусæг йæ куысты фæстæ
куыд баулæфы, афтæ.
7 Бæласы дæр ма йæ фидæнæй ныфс и:
акалæнт æй — йæ бындзæфхад
ногæй æвзар суадздзæн.
8 Йæ уидæгтæ зæххы бын куы
базæронд уой,
йæ мард къодах зæххы бын куы фæуа,
9 уæд дæр, доны хъæстæ фæци, зæгъгæ,
ногæй æвзартæ суадздзæн
æмæ æвзонг талайау
рæзынмæ фæуыдзæн.
10 Лæг та амæлы æмæ бартхутæг вæййы.
Йæ уд сисы æмæ нал фæзыны.
11 Цады дон байсысы,
цæугæдон бахус вæййы,
хуыскъ адаг фесты.
12 Афтæ адæймаг дæр:
æруатон вæййы æмæ нал сысты,
æмæ, цалынмæ арв йæ бынаты уа,
уæдмæ уый йæ мæрдон фынæйæ
нæ райхъал уыдзæн.
13 Тæхуды, мæрдтыбæсты мæ
куы бамбæхсис,
цалынмæ Дæ маст æрцæуа
æмæ афтæмæй
бæлвырд æмгъуыды фæстæ
Дæ зæрдыл æрлæууон, уæдмæ!
14 Фæлæ ма амæлæг
куыд райгас уыдзæни?
Цалынмæ мæ рæстæг ахицæн уа,
уæдмæ æнхъæлмæ кæсдзынæн
фервæзынмæ.
15 Басиддзынæ мæм,
æмæ Дын æз дзуапп ратдзынæн:
Ды ме Скæнæг дæ
æмæ мæ æрымысдзынæ.
16 Мæ алы къахдзæф дæр мын
нымайыс ныр,
фæлæ мæм уæд тæригъæд
кæд нал агурис,
17 мæ тæригъæдтæ мын
мыхуырæвæрд скæнис,
мæ аххæстæ мын бамбæхсис.
18 Фæлæ хох куы рафæлдæхы,
уæд базгъæлæнтæ вæййы,
къæдзæх йæ бынатæй феггуырсы;
19 дон дуртæ баууилы,
зæххы уæлцъар йæ уæлныхты айсы.
Афтæ Ды дæр
адæймаджы ныфс амарыс!
20 Куы йæ ’рцæвай —
æрбайсæфдзæни æнустæм,
йæ цæсгомы хуыз ын аивдзынæ

**14:17** Рагзаманы-иу Хæстæг Скæсæны, алкæмæн феныны бар кæмæн нæ уыд, уыцы бæлвырдгæнæн гæххæттытыл мыхуыр сæвæрдтой. Иовы нæ фæнды, цæмæй йын йæ азым адæм иууылдæр уыной.

æмæ йæ арвитдзынæ.
21 Йæ зæнæг
рæгъмæ рацыдисты æви нæ,
уый нæ зондзæн;
исчи сæ æфхæры æви нæ,
уый нæ фендзæн.
22 Æрмæст йæхи буары рыстæй риссы,
æрмæст йæхи удыл марой кæны».

**15** Æмæ йын дзуапп радта Елифаз, теманаг:
2 «Куырыхон лæг
уæлæнгай ныхас нæ кæны,
скæсæйнаг фыддымгæйæ
йæхи нæ ныддымсы.
3 Сæнттæ цæгъдын дын не 'мбæлди,
быцæугæнгæйæ: куырыхон лæг
ахæм æнæуаг дзыхæй нæ дзуры.
4 Хуыцауы тас дæхицæй аиуварс кодтай
æмæ иннæты куывд
къуылымпы кæныс.
5 Дæ тæригъæд дæ ардауы
афтæ дзурынмæ,
æмæ мæнгард ныхас кæныс.
6 Æз нæ — дæхи 'взаг дæ кæны
азымджын,
дæхи ныхæстæ дыл цæуынц комдзог.
7 Исты æппæт адæмы разæй
ды райгуырдтæ,
къуылдымтæй дæр раздæр
ды равзæрдтæ?
8 Æви Хуыцауы æмбырды уыдтæ
æмæ æппæт уæлзонд дæр
дæхи бакодтай?
9 Уагæры ды, мах цы нæ зонæм,
ахæмæй цы зоныс?
Махæн æнæмбæрст цы у,
ахæмæй цы бамбæрстай,
10 не 'хсæн урссæр зæрæдтæ дæр куы ис,
дæ фыдæй дæр зæронддæртæ?
11 Ау, Хуыцауы зæрдæвæрд дын
фаг нæу?
Ау, хæларзæрдæ ныхæстæ
чысыл фехъуыстай ды?
12 Дæ зæрдæйы фæдыл кæдæм цæуыс,
уыцы сæрхызтæй
дæ ных кæдæм сарæзтай,
13 Хуыцауæн Йæ ныхмæ куы сдæ
æмæ ахæм ныхæстæ куы кæныс, уæд?
14 Цы у адæймаг, цæмæй сыгъдæг уа?
Сылгоймаг кæй ныййардта,
уымæн рæстуд уæвæн куыд ис,
15 кæд æмæ Хуыцау
Йæ сыгъдæджытыл дæр не 'ууæнды,
арв дæр сыгъдæгыл нæ нымайы?
16 Адæймаг та бынтон æлгъаг
æмæ хæлд у,
тæригъæды бацæуын
уымæн дон нуазынау у.
17 Æрбайхъус-ма, æмæ дын радзурон,
мæхи цæстæй цы федтон,
18 куырыхонтæ фыдæлтæй
цы фехъуыстой
æмæ цы нæ басусæг кодтой, уый.
19 Æрмæстдæр уыдонæн
лæвæрд æрцыди зæхх,
æмæ æндæр искæмæн
се 'хсæн бынат нæй.
20 Æнаккаг йæ бонтæ
хъизæмаримæ 'рвиты,
нымад сты йæ азтæ фыдгæнæгæн.
21 Удаист хъæр йæ хъусты зæлы,
æнæнхъæлæджы йæм æрбалæууы
йæ сафæг.
22 Саудалынгæй фервæзыны æнхъæл
нал у,
марæн цыргъаг æм
æппынæдзух дардæуы.
23 Рахау-бахау кæны сынтыты холыйау,
зоны: йæ сæфты бон æм
цæттæйæ лæууы.
24 Зындзинæдтæ æмæ йæ бæллæхтæ
тасы æфтауынц,
сæ быны йæ скодтой
тыхагур паддзахау,
25 уымæн æмæ Хуыцаумæ йæ къух systa,
Æппæтхъомысы ныхмæ растади,
26 сæрхызтæй-иу Йæ размæ
уæззау уартимæ ралæууыд;
27 уымæн æмæ фыр нæрдæй
йæ цæстытæ дæр нал зынынц,
йæ фæрстæ æрзæбултæ сты.
28 Æрцæрдзæни гæныстон сахарты,
æркæлынæввонг æдзæрæг
хæдзæртты.
29 Цард ыл не 'рхæцдзæн,
бын не скæндзæн,
зæххыл не 'рбынæттон уыдзæн.
30 Сау бон ыл акæндзæн,
йæ талатæ арты бавзалы уыдзысты,
Хуыцауы комытæфæй
æрбайсæфдзæн.
31 Тутт ныфсытæ ма 'вæрæд йæхицæн:
уыдон ын ницы пайда æрхæсдзысты.
32 Йæ афонмæ нæ ахæццæ уыдзæн,
йæ къалиутæ быгъдæгæй
аззайдзысты.
33 Сæнæфсирау йæ гага
цъæхæй азгъæлдзæн,
оливæйау йæ дидин

ærызгъæлдзæни зæхмæ.
34 Уымæн æмæ æнæхуыцауы къона
æвæстаг у,
уæййаг лæджы цатыр
зынджы хай кæны.
35 Ахæм адæймаг йæ зæрдæйы бын
фыдбылыз хæссы, аргæ бæллæх кæны,
йæ мидæг æрмæстдæр
мæнгарддзинад æвзæры».

16 Æмæ дзуапп радта Иов:
2 «Ахæм ныхæстæ æз бирæ фехъуыстон,
уæ ныфсæвæрæн ныхæстæй
масты æфтаут æрмæстдæр.
3 Цымæ ацы дзæгъæлдзырдæн
кæрон кæд уыдзæн?
Уый бæрц дæ удхарæй цы мары,
цæмæй ахæм дзуапп раттай?
4 Сымах мæ бынаты куы уаиккат,
уæд æз дæр ахæм ныхæстæ кæнин;
дзурин уæ ныхмæ,
мæ сæр-иу, уайдзæфгæнгæ,
банкъусин.
5 Дзæгъæлдзырдæй уын
ныфсытæ ’вæрин,
былты змæлдæй уæ сабыр кæнин.
6 Дзургæйæ дæр не ’нцайы мæ рыст,
æдзæмæй дæр мын нæу æнцондæр.

7 Мæ тых мын басаста бынтондæр,
мæ бинонты мын бабын кодта.
8 Фæлæбурдта мæм,
мæ ныхмæ Йæхæдæг
æвдисæн ныллæууыд,
мæ азымыл
мæ лæмæгъдзинад дæр дзуры.
9 Фыр мæстæй мæ ’ргæвды,
Йæ дæндæгты къæс-къæс мæм цæуы;
ныккастысты мæм ме знæгтæ.
10 Сæ дзыхтæ мæм ныххæлиу кодтой,
мæстæй мæ марынц,
мæ рустæ мын цæвынц.
11 Æнæхуыцæутты амæттаг мæ бакодта
Хуыцау,
æнаккæгты къухтæм мæ радта.
12 Æвæлмон уыдтæн,
фæлæ мын Уый
мæ бæрзæймæ фæлæбурдта,
тугæрхæмттæ мæ фæкодта,
Йæхицæн мæ мысанæн сæвæрдта.
13 Ихуарæгау мыл
Йæ фæттæ ныккалдта,
уыргæфтыд æмæ тугомынты мæ
фæкодта.
14 Мæ буар Йæ цæфтæй нал зыны,
нæрæмон хæстонау мыл
Йæхи ныццавта.
15 Мæ буар сæхъис дарæсæй
æрбамбæрзтон,
мæ кад фæнычы банығæдтон.
16 Фыр куыдæй судзы мæ цæсгом,
саудалынг мын сæхгæдта
мæ цæстытæ.
17 Афтæмæй мæ зæрдæмæ
ницы хæссын,
сыгъдæгзæрдæйæ цæуы мæ куывд.
18 О зæхх! Мæ туг мын ма басусæг кæн —
мæ фæдисхъæр мын
дæ хуылфы ма бамбæхс!
19 Уæлæрвты мын ис Æвдисæн,
бæрзæндты мын ис Сæрылхæцæг.
20 Мæ хæлæрттæ мыл худынц,
фæлæ мæ цæссыг Хуыцауы раз калын.
21 Хуыцауы æмæ адæймаджы æхсæн
тæрхонгæнæг чи ныллæудзæн,
дыууæ лæджы быцæу
куыд аскъуыддзаг кæнынц, уыйау.
22 Уымæн æмæ ымад сты
мæ царды бонтæ,
æмæ æз фæцæудзынæн,
раздæхæн кæцæй нæй, уырдæм.

17 Мæ уд хъизæмар кæны,
мæ царды бонтæ фæфæуынц,
ингæн мæ цæстытыл уайы.
2 Мæ сæр адæмæн хъазинаг фæци,
хынджылæгæн та зын у фæразын.
3 Дæхæдæг рахæц мæ сæрыл,
науæд æндæр чи бацæудзæн
мæ бæрны?
4 Ды сын нытталынг кодтай сæ зонд
æмæ сæ бæрзонд бынаты
нæ сæвæрдзынæ.
5 Йæ хæлæртты кæйдæр амæттаг
чи бакæна —
йæ хъæбултæн сæ цæстыты рухс
ахуысдзæн.
6 Хуыцау мæ адæмы дзыхы бафтыдта,
æмæ мын мæ цæсгомыл
тутæ кæнынц.
7 Саугуырм бадæн мастæй,
царм æмæ стджытæ ма мæ баззади.
8 Уымæ кæсгæйæ,
раст адæймаг ныккæрзы,
æнаххостæ мæсты кæнынц
æнæхуыцæуттæм.
9 Раст лæг йæ фæндагыл фидар хæцы,
йæ къухтæ сыгъдæг кæмæн сты,
уымæн йæ тыхыл
фылдæрæй-фылдæр æфтдзæн.

10 Сымах та ма иу хатт бафæлварут,
рацæут ардæм
æмæ мæ ныхмæ сдзурут —
æз уе 'хсæн иу куырыхоны дæр
не ссардзынæн.
11 Аивгъуыдтой мæ царды бонтæ.
Мæ бæллицтæй —
мæ зæрдæйы фæндиæгтæй —
фыдæнхъæл фæдæн.
12 Уыдон та æхсæв бон хонынц,
тагъд, дам, срухс уыдзæн,
фæлæ мæ алыварс — тар.
13 Хи уæзæгау мысын мæрдтыбæстæ,
уат кæнын талынджы мæхицæн.
14 Марды чырын хонын мæ фыд,
уаллоны — мæ мад, мæ хо.
15 Цæуыл ма дарон мæ зæрдæ?
Чи мын фендзæн мæ ныфс?
16 Мемæ мæрдтыбæстæм
ныххиздзæни уый,
сыджыты 'рхуысдзæни мемæ».

**18** Дзуапп ын радта Билдад, шуахаг:
2 «Цы пайда ис дзæгъæл ныхæстæй?
Ахъуыды уал кæнут,
æмæ стæй дзурдзыстæм.
3 Фос куы не стæм, мыййаг,
къуымыхы цæстæй нæм
цæмæ хъуамæ кæсай?
4 Ныр ды фыр мæстæй дæхи хæрыс,
æмæ дæу тыххæй
зæхх хъуамæ сафтид уа,
айнæг йæ бынатæй феггуырса?
5 Æнаккагыл йæ бон баталынг уыдзæн,
йæ арт ахуысдзæн.
6 Йæ хæдзарæй рухсы цъыртт
нал кæлдзæн,
йæ цырагъ бамынæг уыдзæн.
7 Йæ къæхтыл ма тыхамæлттæй
цæудзæн,
йæ фыдвæндты азар йæхиуыл
æртыхсдзæн.
8 Йæхи къахæй къæппæгмæ бацæудзæн
æмæ ахст æрцæудзæн.
9 Къæппæг æй æрцахсдзæни
йæ къахæй,
цъысимы бахаудзæн.
10 Разæй йæм фыдбылыз
æнхъæлмæ кæсы,
йæ фæндагыл къæппæг
цæттæйæ лæууы.
11 Йæ алыварс æй алцы тасы æфтаудзæн,
фыр тæссæй йæ сæр йæ кой суыдзæн.
12 Фыдбылыз æм гæппæввонгæй лæууы,
кæд фесæфдзæни, уый бæрæг нæй.
13 Йæ буар уæлхъæдæй æмбийы,
мæлæты минæвар æй бахордта.
14 Йæ хæдзарæй йæ раласдзысты,
Фыд азары паддзахы размæ йæ
акæндзысты.
15 Арт ссудздзæни йæ дзæгъæл цатыры,
йæ хæдзарыл судзгæ сондон
ныккæлдзæни.
16 Бынæй йæ уидæгтæ бахус уыдзысты,
уæлейæ йæ къалиутæ баруайдзысты.
17 Зæххыл йæ кой дæр нал уыдзæн,
уынгты йын йæ ном дæр
ничиуал хъуыды кæндзæн.
18 Рухсæй йæ талынгмæ тæрынц,
цæмæй ацы зæххыл мауал уа.
19 Нæдæр ын цот ис, нæдæр цоты цот,
адæмы 'хсæн йæ хæдзар
дзæгъæлæй баззайдзæни.
20 Йæ хъысмæты коймæ
ныгуылæны баризынц,
скæсæны ныккæрзынц.
21 Ахæм фидæн ис
фыдгæнæджы уæзæгæн,
Хуыцауы кæм нæ ныммайынц,
уыцы бынатæн».

**19** Æмæ дзуапп радта Иов:
2 «Кæдмæ мæ удхарæй мардзыстут,
уæ ныхæстæй мын мæ зæрдæ
кæдмæ къахдзыстут?
3 Ныридæгæн мæ иу-дæс хатты
уæ уайдзæфты бын фæкодтат
æмæ уæм худинаг дæр нæ кæсы.
4 Кæд æцæгæйдæр фæрæдыдтæн,
уæд мæ тæригъæд мæхи фæуæд,
5 фæлæ кæд мæ разы
уæхи уæлдæр кæнут
æмæ мын мæ худинаг
мæ цæстмæ дарут,
6 уæд зонут: Хуыцау мæ афæлдæхта,
Уый мæ баппæрста цъысимы.
7 Фæдисхъæр бæргæ кæнын,
фæлæ дзуапп нæй,
бæргæ сидын æххуысмæ,
фæлæ мæ сæрыл ничи хæцы.
8 Хуыцау мын сæхгæдта мæ фæндаг,
æмæ мæ бон акъахдзæф кæнын нæу,
саудалынг мын бафтыдта
мæ фæндагыл.
9 Мæ кад мын байста,
мæ кады худ мын систа мæ сæрæй.
10 Алырдыгæй дæр мæ
ныззыгуым кодта, æмæ сæфын,
мæ ныфс мын бæласау
йæ бындзарæй срæдывта.

11 Йæ маст мæм ссыгъди,
æмæ мæ Йе знагыл банымадта.
12 Йе ’фсæдтæ æмвæтæнæгæй
сæ ных саразтой мæнæрдæм,
мæ хæдзарыл мын æрхъула кодтой.
13 Фæхицæн мæ кодта ме ’фсымæртæй,
мæ зонгæтæ мæ сæхи хизынц.
14 Мæ зæрдæмæ хæстæг чи уыди,
уыдон мæ ныууагътой,
чи мæ зыдта, уыдонæй ферох дæн.
15 Мæ хæдзары æрцæуæггаг
æмæ унæутæй чи ис,
уыдонæн æцæгæлон сдæн.
16 Ме ’ххуырстмæ дзурын,
фæлæ мын дзуапп нæ дætты,
цалынмæ йын
балæгъстæ кæнын, уæдмæ.
17 Мæ комытæфæй
мæ бинойнаджы зæрдæ
схæццæ вæййы,
ме ’фсымæртæ дæр мыл
æлгъ кæнынц.
18 Суанг ма мыл чысыл сабитæ дæр
былысчъилтæ кæнынц,
куыддæр мæ ауынынц,
афтæ мæ мæстæй марын райдайынц.
19 Ме ’рдхæрдтæ мыл
æнæввæрсон систы,
кæй уарзтон, уыдон
рацыдысты мæ ныхмæ.
20 Царм æмæ мæ стджытæ йеддæмæ
ницыуал баззад,
мæ уд æндахыл хæцы.
21 Батæригъæд мын кæнут,
мæ хæлæрттæ, —
Хуыцауы азар мæ баййæфта!
22 Сымах дæр Хуыцауы хуызæн
мæ фæдыл цы зилут?
Мæ уд хæрынæй бафсис
куынæуал зонут!
23 Тæхуды, мæ ныхæстæ мын
чиныджы ныффысс,
24 æфсæн цыргъагæй сæ здыйыл скъах,
дурыл сæ сныв кæн æнустæм!
25 Æз зонын:
цардæгас у мæ Ирвæзынгæнæг.
Фæстагмæ Уый
сыджыты сæрмæ ’рлæудзæн,
26 æмæ, мæ буар куы азгъæла,
уæд дæр æз фендзынæн Хуыцауы.
27 Æз Æй фендзынæн мæхи цæстæй,
æндæр исчи нæ, фæлæ мæхæдæг,
мæ зæрдæ мæ риуы
куы ныллæууа, уæд дæр!
28 Сымах та мæ фæдыл зилут
æмæ мын мæ хъизæмарттæ
мæхи аххос фæкæнынмæ хъавут, —
29 уæдæ тæрсут кардæй:
æнæхъуаджы æфхæрæгмæ
карды ком кæсы,
цæмæй зонат: ис уæлдæр Тæрхон».

**20** Æмæ йын дзуапп радта Цофар, наамайаг:
2 «Сагъæссаг фæдæн,
æмæ мæ бон æмыраæй лæууын нал у.
3 Æфхæрæн уайдзæфтæ хъусын æз,
мæ сæрызонд мæм
дзуапп раттынмæ сиды.
4 Ау, æнæзонгæ дын у, рагæй-æрæгмæ,
адæймаг зæххыл кæдæй цæры,
уæдæй нырмæ,
5 æнаккаджы цин бирæ кæй нæ хæссы,
æнæхуыцауы ферад
рæстæгмæ кæй у, уый?
6 Йæ кад уæларвмæ дæр сæххæссæд,
йæ сæр арвыл ныдзæвæд,
7 уæддæр йæ фаджысау
йæхæдæг дæр æрбайсæфдзæн,
чи йæ федта, уыдон зæгъдзысты:
„Цы фæци?“
8 Æрбайсæфдзæни фынау,
æрбацыдæр уыдзæн
æхсæвы цæстылуайæнау.
9 Чи йæ федта,
уый йæ никуыуал фендзæн,
цы ран уыди,
уым никуыуал фæзындзæн.
10 Йæ цот мæгуыргурты раз
козбау митæ кæндзысты,
хæлæттаг ын фæкæндзысты йæ мулк.
11 Се стджыты цы ’взонджы бонты
хъару ис,
уыимæ сыджыты æрхуысдзысты
йæ фарсмæ.
12 Кæд ын фыддзинад афтæ адджын у,
æмæ йæ йе ’взаджы бын дары,
13 йæ комыкъулты ’хсæн æй
хъахъхъæны,
14 уæд уыцы хойраг
йæ гуыбыны калмы марг фестдзæн.
15 Цы мулк аныхъуырдта,
уый фæстæмæ сомдзæн, —
Хуыцау ын æй
йæ фарсæй фæкæндзæн.
16 Калмы марг цъиры,
æмæ калмы ’взагæй
йæ мæлæт ссардзæн.
17 Æхсыры цадтæ уый нæ фендзæн,
йæ цард мыдыкъусау нæ уыдзæн.
18 Йæ фæллæйттæ

хиды бынты ацæудзысты,
йе ’фтиæгтыл цин нæ кæндзæн.
19 Уымæн æмæ мæгуыртыл
йæ тых æвзæрста,
былысчъилтæ сыл кодта;
цы хæдзæрттæ нæ сарæзта,
уыдон-иу йæхи бакодта.
20 Уымæн æмæ ницæмæй æфсæсти,
алцæуыл дæр хæлоф кодта,
21 цы нæ аныхъуырдта,
ахæмæй йын ницыуал баззад,
æмæ йæ цардамонд уымæн у тæссонд.
22 Цардæй къæртт æппардзæн,
афтæмæй йыл сау бон акæндзæн.
23 Бухъхъ цардæй цæрдзæн,
афтæ йæ Хуыцауы азар баййафдзæн,
ихуарæгау ыл ныккæлдзæн.
24 Æфсæн цыргъагæй куы аирвæза —
æрхуы фат æй баййафдзæн.
25 Йæ буары ахиздзæн,
йæ маст ын ныппырх кæндзæн,
мæрдудхæрттæ йыл бафтаудзæн.
26 Саудалынджы ахæсты фæуыдзæн,
йæ фæстаг муртæ æнæхуысгæ арты
сау æвзалы фестдзысты.
27 Арв ын йæ тæригъæдтæ
раргом кæндзæн,
зæхх йæ ныхмæ рацæудзæн.
28 Йæ хæдзары мур дæр
ницыуал баззайдзæн,
Хуыцауы азары бон
йæ мулк байсысдзæн донау.
29 Æнаккагæн ахæм хъысмæт
сныв кодта Хуыцау,
уый йын — Хуыцауы тæрхон».

**21** Æмæ дзуапп радта Иов:
2 «Уæдæ мын мæ ныхасмæ
æрбайхъусут лæмбынæг,
мæ зæрдæ мын
уымæй уæддæр фæфидар кæнут.
3 Бабыхсут, цалынмæ дзурон, уæдмæ,
дзырд куы фæуон, уæд-иу мыл худут.
4 Ау, адæймагмæ у мæ хъаст?
Æви мæсты кæнын
æнæ исты ’фсонæй?
5 Æрбакæсут-ма мæм —
фæтæрсæн мæ нæй?
Уæ армытъæпæнтæй
ныххæцут уæ дзыхтыл?
6 Куы ахъуыды кæнын,
уæд мæхиуыл дæр стыр тас бахæцы,
æмæ æмризæджы нырризын.
7 Æнаккæгтæ зæронды бонтæм
цæмæн цæрынц,
æмæ сæ хъару цæуылнæ сæфы?
8 Сæ цот — сæ алыварс,
сæ цоты цоты дæр — сæ разы.
9 Сæ хæдзæрттæн ницæмæй у тас,
Хуыцау сæм Йæ лæдзæгæй не ’взиды.
10 Сæ богътæ бауадзынц гуырдз,
сæ хъуццытæн тас нæу фефтауынæй.
11 Сæ цот хъылдым кæнынц
уæрыччытау,
æнæмæтæй хъазынц сæхицæн,
12 далатæ æмæ хъисфæндыртимæ
зарынц,
сæхи хъæлдзæг дарынц уадындзтæй.
13 Амондджынæй æрвитынц сæ цард,
æнæ удхарæй ацæуынц
мæрдтыбæстæм.
14 Афтæмæй Хуыцауæн та фæзæгъынц:
„Ныууадз нæ,
нæ фæнды мах
Дæ фæндæгтыл цæуын!
15 Чи у Æппæтхъомыс,
цæмæй Йын лæггад кæнæм,
цы пайда нын ис Уымæ кувынæй?“
16 Уæддæр сæ къухы ис сæ исбон,
фæлæ ме ’нæуынон фæуæнт
æнаккæгты фæндтæ!
17 Æнаккæгты зынг арæх ахуыссы,
бæллæхы арæх бахауынц?
Хуыцауы фыдæх сæ арæх баййафы?
18 Хъуамæ уыдон,
дымгæ кæй систа, уыцы хъæмпыхалы,
зилгæ дымгæ кæй ахаста,
уыцы цъæмæлты ’нгæс уаиккой.
19 Сæ байзæддагыл сын
рахæтдзæн Хуыцау?
Сæхицæн сын аккаг фæуæд,
цæмæй зоной,
20 цæмæй сæхи цæстæй феной се сæфт,
Æппæтхъомысы азар
сæхæдæг куыд бавзарой.
21 Куы амæлой, уæд та ма сын
цы уæлдай уыдзæн,
сæ фæстæ сæ бинонтæ цы
бауыдзысты, уый?
22 Фæлæ Хуыцауæн зонд чи амоны,
Уый уæларвонтæн дæр
куы нæ бары, уæд?
23 Иутæ, сæ хъару
йæ тæккæ тæмæны бацæуы,
афтæмæй æрбамæлынц,
сабыр æмæ æдасæй.
24 Сæ буæрттæ — хъæддых,
се стæг — фидар.
25 Иннæтæ та амæлынц зæрдæрыстæй,
цардæй ницы фенынц, афтæмæй.

26 Дыууæйæ дæр сыджытмæ цæуынц,
сæ дыууæ дæр æмхуызон
скæлм уыдзысты.
27 Зонын уын уæ хъуыдытæ,
мæ ныхмæ цы зæгъинаг стут,
уый дæр.
28 Сымах зæгъдзыстут:
„Цы фесты уæздæтты хæдзæрттæ,
æнæхуыцæутты цатыртæ
цы баисты?“
29 Фæлæ-ма уæдæ
бæлццæтты бафæрсут,
сæ ныхæстыл-ма сын ахъуыды кæнут:
30 бæллæхы бон фыдгæнæг
æнæхъыгдардæй баззайы,
Азары бон ацæуы йæ иувæрсты.
31 Æргомæй йын рæстдзинад
чи зæгъдзæн,
йæ хъуыддæгты тыххæй дзы
дзуапп чи æрдомдзæн?
32 Чырыны сæр ыл куы ’рæхгæной,
уæд ын йæ ингæны раз
хъалагъур сæвæрдзысты,
33 æхцон ын уыдзæн дæлвæзы сыджыт,
йæ мæрддзыгойæн нымæц
нæ уыдзæн.
34 Уæдæ мын сымах уæ тутт ныхæстæй
мæ зæрдæ
куыд фæфидар кæндзыстут?
Уæ ныхæсты — æрмæст мæнгдзинад!»

22 Æмæ йын дзуапп радта Елифаз, теманаг:
2 «Цы пайда ис адæймагæй Хуыцауæн?
Æмбаргæ чи у,
уый пайда йæхицæн хæссы.
3 Раст адæймаг кæй дæ,
уый Хуыцауæн æхсызгонæй
цы дæтты?
Æнаипп кæй дæ,
уымæй Ууыл цы ’фты?
4 Хуыцауы тас дæ кæй ис,
уый тыххæй дæ бафхæрдзæн,
уый тыххæй дын тæрхон кæндзæн?
5 Уæдæмæ дæ фыдракæндтæ
сбирæ сты,
дæ тæригъæдтæн кæрон нæй.
6 Ды ницæй тыххæй дæр
де ’фсымæртæй цъынды домдтай,
бæгънæгæн-иу
йæ фæстаг бызгъуыр дæр
раластай йæ уæлæйæ.
7 Дойныйæ мæлæгæн дон
нæ лæвæрдтай,
сыдæй мæлæгæн
бавгъау кодтай дæ къæбæр.
8 Тых кæмæ ис, зæхх уыдоны у,
бонджынтæ йыл æрбынат кæнынц.
9 Ды-иу сидзæргæсты
афтидармæй арвыстай,
сидзæрты-иу ихы сæрыл ныууагътай.
10 Уымæн бахаудтæ ныр цъысымы,
æвиппайды дыл
стыр тас уымæн бахæцыд.
11 Саудалынджы ницыуал уыныс,
знæт уылæнтæн сæ быны фæдæ.
12 Ау, Хуыцау арвæй уæлдæр нæу?
Скæс-ма стъалытæм,
куыд бæрзонд сты, уымæ!
13 Ды зæгъдзынæ: „Хуыцау цы зоны?
Саудалынджы цы хъуамæ равзара?
14 Æврæгътæй Йæм ницы зыны,
афтæмæй арвы æрдынцарыл зилы“.
15 Ау, рагзаманы тæригъæдджынтæ
кæуыл цыдысты,
уыцы над фæндагæй
нал рахиздзынæ?
16 Уыдон афонæй раздæр цагъды фесты,
сæ хæдзæрттæ сын дон фæласта.
17 Уыдон Хуыцауæн дзырдтой:
„Ныууадз нæ!
Æппæтхъомысæн нын Йæ бон цы у?“
18 Афтæмæй-иу сын Уый сæ хæдзæрттæ
байдзаг кодта мулкæй!
Ме ’нæуынон фæуæнт
æнаккæгты хъуыдытæ!
19 Рæстуд сæм кæсдзæн æмæ райдзæн,
æнæтæригъæд сыл худдзæн:
20 „Не знагæн йе сæфт æрцыд,
йæ исбонæй ма цы баззад,
уый та арты хай баци“.
21 Ма тох кæн Хуыцауимæ,
бафидау йемæ æмæ фарнæй
схайджын уыдзынæ.
22 Йæ зондамындмæ Йын байхъус
æмæ йæ дæ зæрдæйы арф бавæр.
23 Æппæтхъомысмæ раздах де ’ргом,
æмæ та ногæй дæ цард
йæ гаччы сбаддзæн,
æрмæст фæсур
дæ цатырæй тæригъæд.
24 Дæ хæзнатæм рыджы цæстæй акæс,
офираг сыгъзæрин
дойнаг дуртыл банымай.
25 Æппæтхъомыс суæд дæ сыгъзæрин,
дæ цæхæркалгæ ’взист.
26 Уæд цин кæндзынæ Æппæтхъомысыл,
дæ каст æдзухдæр уыдзæни
Хуыцаумæ.
27 Скувдзынæ Йæм,
æмæ дын дæ куывд фехъусдзæн,

ды та дæ сомы нæ фæсайдзынæ.
28 Цы сфæнд кæнай,
уый дæ къухы бафтдзæн,
дæ фæндаг алкæддæр рухс уыдзæн.
29 Уымæн æмæ Уый
сæрыстыры æрныллæг кæны,
фервæзын кæны ныфссасты.
30 Æназым чи нæу,
уый дæр фервæзын кæндзæн,
дæ сыгъдæджы хатырæй
фервæздзæн».

23 Æмæ дзуапп радта Иов:
2 «Раздæрау
мæ судзаг хъæстытæ кæнын,
Йæ къухы уæзæй хъæрзын.
3 Тæхуды, кæм æй агурон,
уый куы зонин!
Тæхуды, Йæ цæрæнмæ мын
бацæуæн куы уаид!
4 Уæд Ын æз бамбарын кæнин
мæ хъуыддаг
æз мæхи сраст кæнин Йæ разы!
5 Цы дзуапп мын ратдзæн, уый базонин
æмæ, цы зæгъы, уый бамбарин.
6 Ау, Йе 'ппæт хъомыс
мæ ныхмæ саразид?
Нæ! Байхъусид мæм Уый!
7 Уæд рæстуд быцæу кæнид Йемæ,
мæ Тæрхонгæнæг мæ
сраст кæнид мыггагмæ.
8 Фæлæ, скæсæнмæ ацæуон — уым нæй,
ныгуылæнмæ здæхон —
нæ Йыл хæст кæнын;
9 цæгаты исты араза — нæ мæм зыны,
хуссары зила — нæ Йæ уынын.
10 Фæлæ мын Уый зоны мæ фæндаг,
сыгъзæринау мæ бафæлварддзæн
куынцгомы.
11 Æз Ын Йæ фæндагыл фидар хæцын,
ничердæм дзы здæхын;
12 Йæ фæдзæхстыты сæрты нæ хизын,
Йæ ныхæстæ Йын
арф дарын мæ зæрдæйы.
13 Фæлæ чи рацæудзæн
Йæ уынаффæйы ныхмæ?
Йæхи куыд фæнды, афтæ кæны.
14 Рахæсдзæн мын æмбæлгæ тæрхон —
ахæмтæй Йе 'вæрæнтæ дзаг сты.
15 Уымæн Йæ разы æмризæджы ризын,
уыдæттыл куы ахъуыды кæнын,
уæд мыл тас бахæцы.
16 Хуыцау мын мæ уды хъару басаста,
Æппæтхъомыс мын
тас бауагъта мæ зæрдæйы.
17 Тæхуды æмæ куы фесæфин тары,
тæхуды, мæ хур куы аныгуылид!

24 Æппæтхъомысæн Йæ тæрхоны бонтæ
нысангонд цæуылнæ сты,
Хуыцауы чи зоны,
уыдон сæм дзæгъæлы
æнхъæлмæ цæмæн кæсынц?
2 Ауæдзы дуртыл
æддæдæр ахæцынц адæм,
давд фосæй сфосджын вæййынц.
3 Сидзæрæн акæнынц йæ хæрæджы,
идæдзы гал цъындыйы байсынц.
4 Мæгуырты фæндагæй
иуварс ассонынц,
сæхи сæ бамбæхсынц мæгуыргуртæ.
5 Тыгъд быдыры
цы хæрджытæ хæтынц, уыдонау
мæгуыртæ сæумæйæ
æфтиаг агурæг рацæуынц;
зилынц тыгъд быдыры —
сæхицæн æмæ сæ сабитæн
хойраджы фæдыл.
6 Кæйдæр быдыртæ кæрдынц,
æнæхуыцауы сæндоны
рох гагатæ уидзынц.
7 Æхсæв бæгъæнæгæй ныххуыссынц,
дзаума дæр, стæй, сæхи
уазалы цæмæй æрæмбæрзой,
уый дæр сын нæй.
8 Сахкъæвдайы
ныддонласт вæййынц хæхты,
адæргæй айнæджытæм
сæхи нылхъивынц.
9 Дзидзидай сидзæры
йæ мады риуæй ратонынц,
хæсты ныхмæ мæгуыр адæмæн
сæ сабиты байсынц цъынды.
10 Цæуынц бæгъæнæгæй, дзаума сын нæй,
æххормагæй куыристæ фæхæссынц.
11 Систы 'хсæн лæмарынц сæн,
сæндуцæнты сæн дуцынц,
фæлæ дойныйæ мæлынц.
12 Сахары хъуысы
мæлæг адæм хъæрзын,
æххуысагурæг дзыназынц цæфтæ,
фæлæ Хуыцау уыдæттæ нæ уыны.
13 Рухсы знæгтæ ис се 'хсæн,
уыдон Ын Йæ фæндæгтæ нæ зонынц,
Йæ цæуæнтыл нæ цæуынц.
14 Лæгмар æхсæвæй сысты,
мæгуыры æмæ мæгуыргуры амары,
æхсæвыгон та давгæ кæны.
15 Изæрмилтæм у йæ каст хъахбайæн,
ничи мæ фендзæн, зæгъгæ,

бамбæхсы йæ цæсгом.
16 Æхсæвыгон хæдзары къул бакъахынц,
боныгон та сæ хæдзæртты
æхгæддуарæй бадынц
æмæ рухсмæ нæ цæуынц.
17 Уымæн æмæ уыдонæн
боны рухс саудалынгæй уæлдай нæу,
тары сау æндæргтыл та ахуыр сты.
18 Доны сын аирвæзæн нæй,
сæ зæххы хай — æлгъыст,
сæ сæндæттæ æнæвнæлдæй лæууынц.
19 Хуры зынг цæстæй
митдон куыд æрбайсæфы,
афтæ тæригъæдджын дæр
фесæфдзæни мæрдтыбæсты.
20 Цы хуылфæй рацыд, уымæй — рох,
уаллæттæн хæрзад хойраг суыдзæн;
хъуыды дæр æй ничиуал æркæндзæн,
бæласау калд æрцæудзæни
фыддзинад.
21 Уыдон æфхæрынц æнæзæнæджы,
идæдзæн хорздзинад нæ ракæнынц.
22 Фæлæ Хуыцау Йæ хъомысы фæрцы
хъомысджынты дæр басæтдзæн,
уыдоны та райсомы бонæй
ницы ныфс ис.
23 Уый сæ хъахъхъæны, се 'нцой лæууы,
сæ фæндæгтæй Йæ цæст нæ исы.
24 Куыддæр сæхиуыл фервæссой,
афтæ æрбайсæфдзысты:
иннæтау æрхаудзысты
æмæ амæлдзысты;
мæнæуы æфсиртау
карст æрцæудзысты.
25 Кæд афтæ нæу, уæд мæ багæды кæнут,
мæ ныхæсты ныхмæ исты зæгъут».

**25** Уæд ын дзуапп радта Билдад, шуахаг:
2 «Уымæ ис уæлдæр хицаудзинад,
æмæ Дзы куыннæ тарстæуа?
Уый æвæры дунейы уаг
Йæ бæрзæндæй!
3 Йæ уæларвæфсæдтæн нымæц дæр нæй!
Кæй сæрмæ не скæсы Йæ рухс!
4 Адæймаг Хуыцауы раз
раст куыд уыдзæн?
Куыд уыдзæн сыгъдæг,
сылгоймаг кæй ныййардта, уый?
5 Мæй дæр ма, кæс,
Йæ разы мынæг куы у,
стъалытæ дæр æнæкъæм куы не сты
Йæ разы!
6 Уæлдайдæр та адæймаг —
зулкъ йеддæмæ ницы у,
адæмы цот
рæмпæгæй уæлдай не сты».

**26** Æмæ дзуапп радта Иов:
2 «О, мæнæ куыд феххуыс дæ
æнæбонæн!
Йæ лæмæгъ цонгæн ын
цы 'нцой разындтæ?
3 Цыбырзондæн цы бауынаффæ кодтай?
Уæззаузондæй йын цы бацамыдтай?
4 Уыцы ныхæстыл дæ чи сахуыр кодта,
дæ комы дын сæ цавæр мон бавæрдта?
5 Стъæлфынц рефаимтæ дæлдзæхы,
стъæлфынц дæттæ æд цæрæгойтæ.
6 Мæрдтыбæсты дуар гом у Йæ разы,
Аваддонæн Дзы бамбæхсæн нæй.
7 Уый айтыгъта цæгат
афтид тыгъдады сæрмæ,
ницæуыл æрцауыгъта зæхх.
8 Уый Йæ мигъты
гуыдырæвæрд бакæны дон,
æмæ йæ уæзæй
æврæгътæ нæ аскъуыйынц.
9 Уый сæвæрдта Йæ паддзахы бадæн,
Йæ мигъæй йæ æрæмбæрзта.
10 Дæтты сæрмæ зиллакк скодта —
рухс æмæ тары астæу.
11 Уæларвы цæджындзтæ ризынц,
Йæ нæрынæй ныккæрзынц.
12 Уый Йæ хъаруйæ сызмæнты
денджызы уылæнтæ,
Йæ зонды фæрцы басæтты Рахавы.
13 Йæ комулæфтæй раирд вæййы арв,
Йæ къух æрцæвы
цъыгъгъуытгæнæг калмы.
14 Уый æрмæст —
Йæ хъуыддæгты чысыл хай,
куыд гыццыл фехъуыстам
Уый тыххæй!
Уæдæ Йын Йæ хъомысы нæрын та
кæй зонд æрцахсдзæн?»

**27** Æмæ кодта дарддæр Иов йæ ныхас:
2 «Цардæгас у Хуыцау,
раст тæрхоны аккаг мæ Чи не скодта,
Цардæгас у Æппæтхъомыс,
хъизæмæртты хай мæ Чи фæкодта!
3 Цалынмæ улæфын,
цалынмæ мæ мидæг ис
царды комулæфт —
Хуыцау мын кæй балæвар кодта, уый,
4 уæдмæ ме 'взаг гæды ныхас
нæ зæгъдзæни,

**26:6** Дзуттаг дзырд «аваддон» нысан кæны «сæфт, царды кæрон».

уæдмæ мæнг ныхас
не ссæудзæни мæ дзыхæй.
5 Цыфæндыйæ дæр
æз уемæ не сразы уыдзынæн,
мæ удæгасæй
мæхи аххосджынил
нæ банымайдзынæн.
6 Мæ рæстдзинадыл фидар хæцын,
цалынмæ удæгас уон,
уæдмæ мæ зæрдæмæ
ницы хæсдзынæн.
7 Ме знаг æнæхуыцауы хал ахæрæд,
мæ ныхмæлæууæгыл
фыдгæнæджы бон акæнæд!
8 Хуыцау кæмæн нæй,
уымæн йæ зæрдæ цæуыл фæлæудзæн,
Хуыцау ын йæ уд куы айса, уæд?
9 Фыдбон ыл куы акæна,
уæд ын Хуыцау
йæ фæдисхъæр фехъусдзæн?
10 Исты йæ уд Æппæтхъомысыл лæууы,
Хуыцаумæ у йе скаст кæддæриддæр?
11 Хуыцауы къух цы у,
уый уын æз бацамондзынæн,
Æппæтхъомысы тыххæй уæ
ницы басусæг кæндзынæн.
12 Уæхæдæг дæр æй куы уынут,
уæд ма дзæгъæл ныхас кæм хъæуы?
13 Æнæхуыцауæн ахæм хъысмæт
сныв кодта Хуыцау,
æфхæрæг Æппæтхъомысæй
ахæм исбон айсдзæн:
14 цыфæнды бирæ ма уæд йæ хъæстæ —
кардылæфтыд фæуыдзысты,
йæ байзæддæгтæ сыдæй мæлдзысты.
15 Удæгасæй сæ чи баззайы,
уыдоны рын фæхæсдзæн,
æмæ сыл сæ идæдзтæ не скæудзысты.
16 Йæ рæбыны уал
æвзист æрæфснайæд фæныкау,
йæ дарæс сбирæ уæд æлыгау.
17 Йæ райст-бавæрд дарæс
раст лæгæн баззайдзысты,
йе ’взистытæ, æнæтæригъæд чи у,
уыдоны хай бауыдзысты.
18 Хæлуарæгау аразы
йæ тæссонд хæдзар,
хъарагъулау æвæры мусонг.
19 Бонджынæй бæргæ ныххуыссы,
фæлæ сæумæйæ гаффуттæй
райхъал вæййы.
20 Дудгæбон æй ивылд донау аласдзæн,
æхсæвы йæ уадтымыгъ аскъæфдзæн.
21 Скæсæнæй йыл уаддымгæ
йæхи рауадздзæн,
йæ бынатæй йæ фелвасдзæн
æмæ йæ ахæсдзæн.
22 Йæхи йыл æгъатырæй ныццæвдзæн,
æмæ дзы уый фæдисонау лидздзæн.
23 Адæм-иу сæ къухтæ кæрæдзиуыл
никъкъæрц ласдзысты,
къуыззитт кæндзысты,
йæ фæдыл кæсгæйæ.

**28** Æвзистæн ис æрзæткъахæн,
сыгъзæринæн — куынцгом.
2 Зæххæй самал кæнынц æфсæн,
æрзæтæй рауадзынц æрхуы.
3 Адæймаг срухс кæны тар,
æрзæт агурæг зæххы арфы,
мæрдон сæудары балæууы.
4 Æрзæткъахæн скæнынц,
адæймаджы къах кæм не ’рлæууыди,
ахæм рæтты, фæндаггæттæй — рох,
æрцауындзæг вæййынц,
дзедзырой кæнынц,
адæмæй дард сты.
5 Хор цы зæххыл æрзайы,
уымæн цыма йæ арф
арты батайын кодтой.
6 Йæ къуыбæртты
æмбæхсынц сапиртæ,
йæ сыджыты — сыгъзæрины муртæ.
7 Тугдзых маргъ сæм фæндаг нæ зоны,
уарийы цæст сыл никуы æрхæцыд.
8 Сырдты хъæлдæр
йæ фæндаг ууылты никуы ракодта,
домбай йæ дзæмбы
уыцы ран никуы æрæвæрдта.
9 Адæймаг та айнæгыл йæ тых æвзары,
хæхты уидæгтæ фæйлауы.
10 Дуры хуылфы фæндаг айгæрды
æмæ дзы хæзнайæ цы ис,
уыдон басгары.
11 Донгуырæнтыл гуыдыр сæвæры,
арф сусæгтæ рахæссы рухсмæ.
12 Фæлæ уæлзонд кæм ссардæуа,
зондагур кæдæм фæцыдæуа?
13 Адæймаг ын аргъ нæ кæны,
цæрдудтæ цы зæххыл цæрынц,
уым ын ссарæн нæй.
14 Фурды хуыдым дзуры: „Мæнмæ нæй“.
Денджыз фæзæгъы:
„Мæнмæ дæр нæй“.
15 Сыгъдæг сыгъзæринæй йæ
нæ балхæндзынæ,
æвзистæй йæ нæ самал кæндзынæ.
16 Офираг зæринæй йын саргъгæнæн нæй,
зынаргъ дуртæ сапир
æмæ ониксæй йæ

нæ балхæндзынæ.
17 Сыгъзæрин æмæ авгæй йын
аргъ не скæндзынæ,
сыгъдæг сыгъзæринæй конд
мигæнæнтыл æй
нæ баивдзынæ.
18 Дзæнхъа æмæ кораллæн
сæ кой дæр ма скæн,
куырыхон зонд лалæй
зындæр амалгæнæн у.
19 Эфиопаг топазтæй йын
нæ саргъ кæндзынæ,
сыгъдæг сыгъзæрин ын
не сбардзынæ йæ ныхмæ.
20 Уæдæ кæцæй æрцæуы уæлзонд?
Зонд кæм ис ссарæн?
21 Цыдæриддæр удгоймаг ис —
се 'ппæтæй дæр æмбæхст у,
тæхаг мæргътæ дæр ын ницы зонынц.
22 Аваддон æмæ мæлæт зæгъдзысты:
„Йæ кой йын хъусæм æрмæст“.
23 Фæндаг æм зоны æрмæст Хуыцау,
æрмæстдæр Уымæн у зындгонд,
цы ран ис, уый.
24 Уымæн Йæ цæст
арвгæронæй дарддæр æххæссы,
Уый арвы бын алцыдæр уыны.
25 Дымгæтæн хъару куы лæвæрдта,
дæттæн сæ бæрц куы снысан кодта,
26 къæвдатæн — кæм уаргæ сын у, уый,
арвæрттывдæн фæндаг куы амыдта,
27 уæд Уый федта уæлзонд,
сфæлтæрдта æмæ йæ сфидар кодта.
28 Æмæ загъта адæймагæн:
„Хуыцауы тас —
уый мидæг ис уæлзонд,
фыддзинадæй хи хизын —
зонды æвдисæн уый у“».

29 Æмæ Иов дарддæр кодта йæ ныхас:
2-3 «Тæхуды æмæ кæддæры замантæ
фæстæмæ раздахæн куы уаид —
Хуыцау мыл Йæ арм куы дардта,
Йæ цырагъ мæ сæрмæ куы сыгъди,
тары мын куы рухс кодта мæ развæд!
4 Уæд уыдтæн мæ тæккæ лæджы кары,
мæ цатыр Хуыцауы хорзæхæй
хайджын куы уыди,
5 Æппæтхъомыс ма мемæ куы уыд,
мæ цот мæ алыварс куы уыдысты.
6 Уæд мæ фæндаг сойвæдыл цыди,
айнæгæй та оливæйы сой лæдæрсти.
7 Æз-иу сахары кулдуары размæ
рацыдтæн,
фæзы-иу мæ бадæны æрбадтæн,
8 æмæ-иу, мæн фенгæйæ,
фæсивæд фæндагæй
иуварс алæууыдысты,
хистæртæ-иу мын сыстадысты.
9 Æлдæрттæн-иу сæ ныхас
сæ дзыхы нал бадти,
адæргæй-иу сæ дзыхтæ
сæ къухтæй амбæрзтой.
10 Уæздæттæн-иу сæ хъæлæс
нал хъуысти,
се 'взаг-иу сæ комарынгыл баныхæст.
11 Чи мæм хъуыста, уыдон мæ стыдтой,
чи мæ уыдта, уыдон мæ
'ппæлыдысты,
12 уымæн æмæ æз мæгуыр лæгæн
уыдтæн фæдисон,
сидзæры æфхæрын нæ уагътон.
13 Мæлæтæй-иу кæй фервæзын кодтон,
уый мын-иу раарфæ кодта,
мæ фæрцы-иу идæдзы зæрдæ
срухс ис.
14 Рæстдзинад-иу мæ уæлæ
дарæсау æркодтон,
рæстдзинад уыд мæ уæлæфтау,
мæ худ.
15 Куырмæн уыдтæн цæстытау,
къæхты бæсты — къуылыхæн;
16 Фæхæцæг кæмæн нæй,
уыдонæн фыд уыдтæн,
æнæзонгæйæн-иу йæ хъаст
равзæрстон лæмбынæг.
17 Фыдлæджы æфсæртæ-иу ныссастон,
йæ дзыхæй-иу ын
йæ амæттаджы скъахтон.
18 Дзырдтон мæхицæн:
„Мæ къонайыл уыдзæни мæ мæлæт,
мæ царды бонтæн змисау
нымæц нæ уыдзæн:
19 мæ уидæгтæ донæфсæст сты,
мæ къалиутыл æртæх
æхсæвиуат кæны,
20 мæ кад зæронд нæ кæны,
мæ фат нæ сайы“.
21 Адæм мæм, нымдгæнгæ, хъуыстой,
мæ уынаффæмæ æдзæмæй
æнхъæлмæ кастысты.
22 Мæ ныхасыл сæ дыууæ
ничиуал загътаид,
мæ ныхæстæ сæ уарынау æфсæстой.
23 Мæ ныхасмæ мын
æнхъæлмæ кастысты къæвдайау,
сæ дзыхтæ-иу æм бадардтой
уалдзыгон сахайау.
24 Кæй-иу сæм бахудтæн,
уый сæ уырнгæ дæр нæ кодта,

рухс цæстæй сæм куы ракæсин,
уымæ бæллыдысты.
25 Æз сын фæндаг амыдтон,
цыдтæн сæ разæй,
раст цыма паддзах — йе ’фсадимæ,
хъыггæнджытæн ныфсæвæрæг
уыдтæн.

**30** Ныр та мыл мæхицæй кæстæртæ
худынц,
мæ фыййау куыйтæм дæр
хæстæг кæй нæ бауагътаин, уыдон:
2 сæ къухты хъару мæ кæм хъæуы,
стæй ма сæм цæй хъару ис?
3 Æххормаг æмæ гæвзыккæй
басасти сæ хъару,
афтæмæй хъеллау кодтой
гæныстон быдырты, тары.
4 Маст кæрдæджытæ æууылдтой,
æхсæлыйы уидаг — сæ хойраг.
5 Адæм сæ æввахс нæ уагътой сæхимæ,
сæ фæдыл-иу хъæр кодтой,
цыма къæрныхтæ уыдысты, уыйау.
6 Ахæмтæ хуыскъ адæгты
скæнынц бынат,
къæдзæхы ’хсæнты,
зæххы скъуыдты æрцæрынц.
7 Къутæртæй сæ ниуын цæуы,
хæмпæлгæрдæджы бын
батымбылтæ вæййынц.
8 Хъодыгонд адæм,
ном кæмæн нæй, уыцы фидиссæгтæ,
алы ранæй дæр — тард!
9 Æмæ ма суанг уыдонæн дæр
æз фæндырты цæгъдинаг фæдæн.
10 Былысчъилæй мæ сæхи
иуварс ласынц,
æнæфсæрмæй мыл ту кæнынц.
11 Æдых, æнæбон мæ скодта Хуыцау,
æмæ сæ бæттæнтæ райхæлдтой.
12 Рахизæрдыгæй мыл
сæхи ныццæвынц,
æмæ куы ахауын, уæд сæхи
марынмæ æрцæттæ кæнынц.
13 Мæ фæндæгтæ мын сæхгæдтой,
фыдбылыз мын цæттæ кæнынц,
æмæ сæ бауромæг нæй.
14 Цыма искуыцæй раирвæзтысты,
уыйау мыл æваст сæхи ныццавтой.
15 Дудгæбон акодта мæ сæрыл,
мæ кад мын дымгæмæ ныддардæуыд,
мæ цардамонд æврагъау атади.
16 Хъизæмарæй мæлын,
саубон мыл акодта.
17 Ме стджыты рыстæй
æхсæвыгон æнцой нал зонын.
18 Мæ дарæс мын скъуынынц мæ уæлæ,
ме ’фцæгготмæ мын лæбурынц.
19 Цъыфы мæ ныппæрста Уый,
æмæ рыг фестадтæн, бартхутæг дæн.
20 О Хуыцау, дзыназын Дæм,
фæлæ мын дзуапп нæ дæттыс,
Дæ разы лæууын,
фæлæ мæм Ды кæсгæ дæр нæ кæныс.
21 Æгъатыр сдæ мемæ,
Дæ хъомысджын къух мæ не здахыс.
22 Дæ уæлныхты мæ фелвæстай,
дымгæмæ мæ ныддардтай,
мæ бындзарæй мæ ныууыгътай.
23 Зонын æй, маргæ мæ кæныс,
удæгæстæ иууылдæр
кæдæм бацæуынц,
уырдæм у мæ фæндаг.
24 Æнæуи дæр, мæлæты къахыл
чи лæууы
æмæ фæдисхъæр чи кæны,
уымæ ма йæ къух чи сисы?
25 Ау, зын раны чи бахауди,
уыдоныл нæ хъыг кодтон?
Ау, мæ зæрдæ нæ рысти
мæгуыры тæригъæдæй?
26 Хорзмæ куы ’нхъæлмæ кастæн,
уæд мæ сæр фыдбылыз баййæфта,
рухсмæ куы ’нхъæлмæ кастæн,
уæд мыл бон баталынг ис.
27 Мæ хуылф мæстæй судзы æдзухдæр,
сау бонтæ мæ уæгъд нæ уадзынц.
28 Сæудары хъеллау кæнын,
адæммæ æхxуысмæ сидын.
29 Хъæддаг куыйтæн æфсымæр сдæн,
страустæн — хæлар.
30 Мæ царм ныссау ис,
алæбырди мæ уæлæ,
ме стджытæ мæ буары тæвдæй
судзынц.
31 Мæ хъисфæндыр хъарæг кæны,
мæ уадындз дзыназы, кæуæгау.

**31** Мæ цæстытимæ баныхас кодтон,
сылгоймагмæ æнæфсарм каст
кæй нæ бакæндзынæн.
2 Фæлæ мын цы ныхфыст ис
уæларвон Хуыцауæй?
Фæлæ мын цы исбон лæвæрд ис
Æппæтхъомысæй, уæларвæй?
3 Ау, фыдбылызы хъуамæ
тæригъæдджын ма бахауид,
фыдгæнæгæн ма æрцæуид йе сæфт?
4 Æви мын Хуыцау
мæ фæндæгтæ нæ уыны,

æви мын мæ алы къахдзæф дæр
нæ нымайы?
5 Кæд, мыййаг, галиу митыл
фæцалх дæн,
кæд мæ къæхтæ
мæнгдзинады фæдыл цыдысты,
6 уæд мæ раст тæрæзтыл сбарæнт,
æмæ Хуыцау базондзæн,
æнæкъæм кæй дæн, уый.
7 Кæд мæ фæндагæй
иуварс фæзылдтæн, мыййаг,
кæд мæ зæрдæ
мæ цæстыты фæдыл адзæгъæл,
æмæ къухтæ истæмæй фæчъизи сты,
8 уæд, цы байтыдтон,
уый искæмæн хæринаг фæуæд,
мæ хуымы цы 'рзади,
уыдон мын сæ бындзарæй
стындæуæд!
9 Кæд сылгоймагмæ мондаг кодтон
æмæ-иу искæй дуармæ
бахъуызыдтæн,
10 уæд мæ бинойнаг
æндæрæн æруат кæнæд,
искæй хæзгул суæд.
11 Уымæн æмæ уый у тæригъæд,
тæрхоны аккаг фыдракæнд,
12 суанг Аваддонмæ чи æркæны,
ахæм бынсыгъдгæнæг арт,
æмæ мæ тыллæг æд уидæгтæ
йæ амæттаг фæуыдаид.
13 Кæд æз, сылгоймагæй уа,
нæлгоймагæй,
мæ хæдзары кусджыты бартæ
ницæмæ дардтон
æмæ сын сæ хъаст не 'взæрстон,
14 уæд цы зæгъдзынæн,
Хуыцау мæ ныхмæ куы ралæууа
æмæ мæ дзуапп куы æрдома, уæд?
15 Мæн дæр æмæ уыдоны дæр
мады гуыбыны
Уый нæ равзæрын кодта?
Нæ дыууæты дæр мады гуыбыны
Уый не сфæлдыста?
16 Мæгуыр лæджы искуы афтидармæй
мæ дуарæй аздæхтон,
сидзæргæсы искуы
æнхъæлмæгæсгæйæ ныууагътон?
17 Ау, мæ къæбæр
искуы сусæгæй бахордтон,
сидзæрæн-иу дзы нæ фæхай кодтон?
18 Мæ рагбонтæй нырмæ
æз сидзæртæн уыдтæн фыдау,
мæ райгуырдæй фæстæмæ
сидзæргæсæн йе 'нцой лæууыдтæн.
19 Дарæсхъуаг чи уыд
æмæ уазалæй чи мард,
уыцы мæгуырмæ кæд искуы
уазалцæстæй кастæн,
20 кæд-иу йе уæнгтæ
не схъарм сты мæ фæрцы,
кæд æй мæ уæрыччыты хъуын
нæ бахъарм кодта;
21 кæд искуы сидзæрмæ мæ къух систон,
тæрхон мæ фарс кæй уыдзæн,
уый ныфсæй,
22 уæд мæ къух йæ рæбыныл ахауæд,
уæд мæ цонг ме уæхскæй фæиртæсæд!
23 Æз Хуыцауы азарæй тынгдæр
ницæмæй тарстæн,
Йе стырады раз ахæм исты ракæнын
нæ бауæндыдаин.
24 Ме скаст сыгъзæринмæ куы уыдаид,
мæ зæрдæ куы дардтин хæзнайыл,
25 куы цин кодтаин мæ бирæ мулкыл,
мæ къухты бæркадыл;
26 хуры тæмæны уындæй,
мæйы хъал цыдмæ кæсгæйæ,
27 мæ зæрдæйы мидæг
куы бабæллыдаин
æмæ мæхи къухыл, табугæнгæйæ,
мæ былтæ куы авæрдтаин,
28 уæд мын уый тыххæй дæр
тæрхон кæнын хъуыдаид,
уæд уый дæр
Бæрзæндтыл Бадæг Хуыцауы раз
гадзрахатдзинад уыдаид.
29 Ау, искуы æз
ме знаджы сæфтыл ферадтæн,
искуы йын йæ фыдбылызыл
бацин кодтон?
30 Мæ дзыхы ныхасæй
тæригъæды никуы бацыдтæн,
амæл, зæгъгæ йæ не 'лгъыстон.
31 Мæ цатыры нæ дзырдтой адæм,
тæхуды, йæ фыдызгъæлæй нæ
куы бафсадид, зæгъгæ.
32 Фæндаггон-иу æхсæвыгон
уынджы нæ баззад,
мæ дуар ын кæддæриддæр гом уыд.
33 Мыййаг, кæд иннæтау æз дæр
мæ тæригъæдтæ арф æмбæхстон,
34 уæд æз тæрсин дзыллæйæ,
мæ мыггаг мыл
æлгъ куы кæной, уымæй,
æмæ мæ дзых ныххуыин,
хæдзарæй æддæмæ дæр нал ракæсин.
35 О, исчи мæм куы байхъусид!
Цы загътон, уыдонæй алцæуыл дæр
æз мæ къух æвæрын,

æмæ мын Æппæтхъомыс
дзуапп раттæд,
мæ Аххосгæнæг ныффыссæд,
цæй мидæг ис мæ азым.
36 Æз уыцы фыст ме 'ккой скæнин,
мæ сæрыл æй кады худау æркæнин.
37 Мæ алы къахдзæф дæр
Хуыцауæн раргом кæнин,
Йæ размæ рацæуин æлдарау.
38 Кæд мæ тæригъæдтæ
зæххæн уæз кæнынц
æмæ йæ алы ауæдз дæр
хъаст кæны мæнæй;
39 кæд ын йæ тыллæгæй
лæвар пайда кодтон,
æмæ мæ зæхкусджытæ
сæ хъуырмæ систы,
40 уæд мæнæуы бæсты
какон сындзытæ 'рзайæд,
хъæбæрхоры бæсты —
хæмпæлгæрдæг».

Ууыл йæ ныхас фæци Иов.

**32** Иов йæ рæстдзинадыл дызæрдыг нæ
кæны, уый куы бамбæрстой йе 'ртæ хæлары,
уæд ныхъхъус сты, ницыуал æм дзырдтой.
2 Æмæ уæд Барахелы фырт Елигуйæн йæ маст
рафыхти. Елигу уыдис Бузийы байзæддæг-
тæй, Рамы мыггагæй. Иовмæ уымæн смæсты
ис, æмæ уый йæхи Хуыцауæй растдæр ху-
ыдта, 3 æртæ хæлармæ та уымæн, æмæ Иовы
ныхмæ исты сдзурынæн аккаг ныхæстæ не
ссардтой. 4 Елигу Иовæн исты зæгъынмæ
тагъд нæ кодта, уымæн æмæ иннæтæ уы-
мæй хистæр уыдысты. 5 Уымæй уæлдай сæ
бон зæгъын ницыуал у, уый куы федта, уæд
смæсты ис. 6 Елигу, Барахелы фырт, Бузийы
байзæддаг, загъта:
«Æвзонг дæн æз,
сымах та стут зæронд,
æмæ æфсæрмæй
мæ хъуыды æз нæ загътон раздæр.
7 Дзырдтон мæхицæн:
хистæртæ уал дзурæнт,
кардзыд адæм
ахуыр кæнæнт уæлзондыл.
8 Фæлæ адæймагæн йæ мидæг ис
царды комулæфт, уд,
Æппæтхъомысы комулæфт æй
схайджын кæны зондæй!
9 Зонд кæстæр æмæ хистæрæй нæу,
хъуыддаг раст æрмæстдæр карджын
нæ равзары.
10 Уæдæ мæнмæ дæр æрбайхъусут,
æмæ æз дæр зæгъон мæ хъуыды.
11 Æнхъæлмæ уæм фæкастæн,
цалынмæ сымах уынаффæтæ кодтат
æмæ ныхæстæ агуырдтат, уæдмæ.
12 Кæсын, æмæ уæ иу дæр
Иовы ныхмæ ницы загъта,
йæ ныхæстæн ын дзуапп нæ радта.
13 Афтæ уæм ма кæсæд,
æмæ уæлзондæй схайджын стут,
Хуыцау, дам æй багæды кæнæд,
адæймаг нæ, фæлæ!
14 Мемæ нæ дзырдта Иов,
æмæ йын сымах хуызæн
дзуапп нæ ратдзынæн.
15 Фæтарстысты, хъусæй лæууынц,
цы зæгъой, уый сын нал ис.
16 Æнхъæлмæ уæм фæкастæн
æмæ, кæд ницыуал зæгъинаг стут,
кæд афтæ хъусæй лæудзыстут,
17 уæд ын æз хъуамæ дзуапп раттон,
æз дæр ын мæ хъуыды зæгъон.
18 Уымæн æмæ мæ ныхæстæ
мæ былалгъмæ схæццæ сты,
мæ уд мæ хуылфы скатай ис,
19 ног сæнæй йедзаг
æмæ æхгæд лалымау
фæйнæрдæм атоныны æввонг дæн.
20 Куы сдзурон,
уæд мын фенцондæр уыдзæн,
хъуамæ мæ дзых байгом кæнон
æмæ исты зæгъон.
21 Мæ разы чифæнды дæр уæд,
цурон ныхасмæ мæм
мачи æнхъæлмæ кæсæд.
22 Уымæн æмæ цæстмæхъус ныхас
мæ удысконды нæй,
фæлтау мæ фесафæд ме Скæнæг!

**33** Хъус, уæдæ, Иов, мæ ныхæстæм,
иунæг дæр дзы ма ауадз!
2 Мæнæ æз байгом кодтон мæ дзых,
æмæ ме 'взаг дзурынмондагæй сæфы.
3 Мæ ныхæстæ
мæ сыгъдæг зæрдæйæ цæуынц,
æмæ мæ дзыхæй
рæстдзинад йеддæмæ
ницы схаудзæн.
4 Мæн сфæлдыста Хуыцауы Уд,
царды комулæфт мæ бауагъта
Æппæтхъомыс.
5 Кæд дæ бон у, уæд мын дзуапп ратт,
кæд дæ ныфс хæссыс,
уæд мæ ныхмæ ралæуу.
6 Æппæтхъомысы раз æз æмæ ды
иухуызон стæм,

æз дæр дæуау æлыгæй конд дæн.
7 Уымæ гæсгæ дæ æз тасы
нæ бафтаудзынæн,
мæ къухы уæз мын нæ бамбардзынæ.
8 Мæхи хъустæй фехъуыстон дæ ныхас,
мæ хъустыл уайы ныр дæр ма:
9 Сыгъдæг, дам, дæн æз, æнæкъæм,
ницы азым мæм ис, сыгъдæг дæн.
10 Афтæмæй мæ Хуыцау
аххосджын кæны,
знаг мæ фестын кодта Йæхицæн.
11 Мæ къæхтыл мын сахсæнтæ бакодта,
мæ алы къахдзæфмæ дæр кæсы.
12 Æз та дын уый зæгъын,
æмæ раст нæ дæ:
æнæмæнг, Хуыцау адæймагæй
уæлдæр у!
13 Цы быцæу кæныс Йемæ,
мæ фарстæн мын
дзуапп нæ дæтты, зæгъгæ?
14 Æцæгдæр, Хуыцау иу кæнæ
иннæ хуызы фæзæгъы,
фæлæ Йæ не 'мбарынц.
15 Фыны, æхсæвыгон
тарф фынæй куы бавæййы
адæймаг йæ хуыссæны,
16 уæд ын Хуыцау йæ хъус байгом кæны
æмæ йын Йæ зондамынд фæзæгъы,
17 цæмæй адæймаджы бахиза
исты 'взæрдзинад саразынæй,
сæрыстыр уæвынæй.
18 Цæмæй адæймаг былæй ма ахауа,
цæмæй карды комыл æфтыд ма фæуа.
19 Науæд та адæймагæн низы фæрцы
бамбарын кæны,
бабæтты йæ хуыссæнмæ,
йе стджыты рыст нал фæуромы,
20 æмæ уæд хойрагыл йæхи атигъ кæны,
цы хуыздæр хæринæгтæ нал фæмысы.
21 Йæ буар рафты,
царм æмæ стджытæ фесты.
22 Мæлæты къахыл ныллæууы,
удхæссæг æм æрбахæстæг вæййы.
23 Фæлæ Йын мин
Хъахъхъæнæг зæдæй иу
йæ рæстдзинады тыххæй
куы бакой кæна,
24 куы йын батæригъæд кæна
æмæ куы зæгъа, ингæнмæ йæ ма ауадз,
æз ын ахæстаргъ ссардтон, зæгъгæ,
25 уæд та фæстæмæ райтынг уыдзæн
йæ буар,
æрыгонæй куыд уыдис, афтæ,
раздæхдзæн та йæм
йе 'взонджы бонты хъару.
26 Хуыцау ын йæ куывд айсдзæн,
Йе 'ргом æм раздахдзæн,
йæ рæстдзинады тыххæй йын
Йæ хорзæхæй схайджын кæндзæн.
27 Æмæ уæд адæмы раз зæгъдзæн:
„Æз тæригъæды бацыдтæн,
рæстдзинад сзыгъуыммæ кодтон,
фæлæ мын Хуыцау
мæ хъуыддæгтæм гæсгæ нæ бафыста,
28 мæлæтæй мæ фервæзын кодта,
æмæ та рухс уынын".
29 Хуыцау адæймагæн
æппæт уыдæттæ бавзарын кæны,
стæй ма ноджы
дыууæ-æртæ хатты фыддæртæ,
30 цæмæй йæ ингæнæй бахиза,
цæмæй йыл царды хур ракæса.
31 Байхъус мæм, Иов, лæмбынæг,
ды дæ дзыхыл хæц,
æмæ дын æз дзурон,
32 фæлæ дæм кæд исты зæгъинаг ис,
уæд мын дзуапп ратт:
раст кæй дæ,
уыл мæ бауæндын фæндид.
33 Кæд, цы зæгъай, уый дын нæй,
уæд мæнмæ байхъус.
Ды дæ дзыхыл хæц,
æмæ дын æз зонд бацамонон».

**34** Æмæ дзырдта Елигу дарддæр:
2 «Æрбайхъусут мæм, куырыхонтæ,
уæ хъус мæм æрбадарут,
зондджынтæ!
3 Уымæн æмæ хъус ныхас æвзары,
ком та ад зоны.
4 Равзарæм-ма уæдæ мах,
раст цы у, уый
æмæ, хорз цы у, уый раст раиртасæм!
5 Мæнæ Иов загъта, æз, дам, раст дæн,
Хуыцау та мын мæ хъуыддаг не 'взары.
6 Раст, дам, дæн,
афтæмæй мæ сайæгойыл банымадтой.
Азымджын нæ дæн,
фæлæ мæ хъæдгæмттæн
сдзæбæхгæнæн нæй.
7 Искуы ма Иовы хуызæн адæймаг ис,
хынджылæг æмæ джидзæг кæнын
дон нуазынæй уæлдай кæмæн нæу?
8 Æнæхуыцæуттимæ æмзонд у уый,
фыдгæнæгау галиу фæндагыл цæуы.
9 Уымæн æмæ зæгъы,
Хуыцауы зæрдæ 'лхæнынæй
адæймагæн цы пайда ис, зæгъгæ.
10 Уæдæ мæм æрбайхъусут,
куырыхонтæ:

Хуыцаумæ ницы ис æнæрастæй,
Æппæтхъомыс галиу тæрхон
нæ рахæсдзæн.
11 Адæймагæн йæ хъуыддæгтæм гæсгæ
бафиды,
чи цы аккаг у, уый айсы.
12 Æцæг, Хуыцаумæ ницы ис
æнæрастæй,
Æппæтхъомыс раст тæрхон
не сзыгъуыммæ кæны.
13 Чи Йæ сæвæрдта хицауæй
зæххы цъарæн?
Чи Йын радта Йæ къухтæм
æнæхъæн дуне?
14 Уый Йæ зæрдæ куы сæхгæнид,
Йæ комулæфт, Йæ царды комулæфт
фæстæмæ куы райсид,
15 уæд алы цардуд дæр æрбамæлид,
уæд адæймаг фæстæмæ
сыджыт фестид.
16 Йæ сæры зонд кæмæн ис,
уый æрбайхъусæд,
лæмбынæг байхъусæд мæ ныхæстæм!
17 Рæстдзинад йæ цæстысындз кæмæн у,
уый хицауиуæг куыд хъуамæ кæна?
Раст æмæ Хъомысджыны
ды аххосджын куыд хъуамæ кæнай?
18 Исчи ма паддзахæн,
цъаммар, зæгъгæ, дзуры,
исчи ма уæздæттæн,
æнаккæгтæ, зæгъгæ, фæзæгъы?
19 Фæлæ Уый бардартæн
цурон митæ нæ кæны,
Уый хъæздыг лæджы
мæгуырæй уæлдæр не 'вæры,
уымæн æмæ се 'ппæтæн дæр
се Скæнæг у Уый.
20 Æваст æрбамæлынц адæм
æхсæвы тары,
зæрдæнкъусæг цæфæй
сæ кæрон æрцæуы;
кæйдæр къухæй
нæ бабын вæййы хъомысджын.
21 Уымæн æмæ Хуыцау
Йæ цæст дары адæмы фæндæгтæм,
сæ алы къахдзæф дæр сын уыны.
22 Зæххыл ахæм саудалынг,
ахæм мæрдон тар нæй,
фыдгæнджытæ Уымæй
сæхи кæм бааууон кæной.
23 Хуыцау адæймагмæ
бæлвырд рæстæджы
тæрхонмæ нæ сиды.
24 Æнæ рафæрс-бафæрсæй
ныддæрæн кæны тыхджынты
æмæ сын сæ бынаты
æндæрты сæвæры.
25 Сæ хъуыддæгтæ сын хорз зоны
æмæ сæ иу æхсæвмæ фесафы.
26 Фыдгæнджытау сæ
адæмы раз бафхæры;
27 сæхи Йыл кæй атигъ кодтой,
Йæ фæндæгтæ сæ хъуыдыйы дæр
кæй нæ уыдысты, уый тыххæй.
28 Сыхъуысти Йæм мæгуырты æрдиаг,
Уый фехъуыста
æфхæрд адæмы уынæргъын.
29 Хъусæй куы лæууа,
уæд æй азымы чи бадардзæн?
Йæ цæсгом куы бамбæхса,
уæд Æй фенын кæй бон суыдзæн?
Уый æппæт адæммæ дæр
æмæ иу адæймагмæ дæр хауы,
30 цæмæй паддзахиуæг ма кæна
æнæхуыцау
æмæ адæмæн ахсæн хыз ма феста.
31 Фæлтау зæгъ Хуыцауæн:
„Бафхæрдтай мæ —
ныр мæхи тæригъæдæй хиздзынæн.
32 Æнæбары кæд истæмæй
фæрæдыдтæн,
уæд та мын æй бацамон,
цæмæй амæй фæстæмæ
мауал рæдийон“.
33 Дæ рæдыдыл дæр куы нæ сæттыс,
уæд цы хорзмæ 'нхъæлмæ кæсыс?
Равзарын мæнмæ нæ,
фæлæ дæумæ хауы,
кæд исты зоныс, уæд дзургæ кæн.
34 Æмбаргæ адæмæй мæм чи хъусы,
уыдон, стæй куырыхонтæ
зæгъдзысты:
35 „Иов йæхæдæг дæр,
цы дзуры, уый нæ зоны,
æнæсæрфат сты йæ ныхæстæ“.
36 О, ноджы тынгдæр æфхæрд
куы баййæфтаид Иов —
æнæхуыцæутты 'взагæй дзуры!
37 Йæ тæригъæдтæй уæлдай ма
ноджы змæнтæг дæр у,
йæ къухтæ ныл сцæгъды
æмæ Хуыцауы ныхмæ
дзурынæй не 'нцайы».

**35** Æмæ дзырдта Елигу дарддæр:
2 «Афтæ дæм кæсы,
æмæ рæстдзинад де 'рдыгæй ис?
Ды загътай:
„Æз Хуыцауæй растдæр дæн æви?“
3 Ды зæгъыс: „Цы уæлдай мын у,

растæй цæрон
æви тæригъæды цæуон?“
4 Æз дæуæн æмæ дæ хæлæрттæн
дзуапп ратдзынæн уый фæдыл:
5 арвмæ скæс æмæ фен —
мигътæ дæуæй цас бæрзонддæр сты!
6 Тæригъæды куы бацæуай,
уæд Уымæн цы у?
Дæ фыдракæндтæ куы сбирæ кæнай,
уæд Уымæн цы уыдзæн?
7 Рæстæй куы цæрай,
уæд дзы Уымæн цы пайда ис?
Дæ бон ын раттын цы у?
8 Ды дæ тæригъæдæй
дæхи хуызæттæн хæссыс зиан,
дæ рæстдзинад адæмы цæсты
ахады æрмæстдæр.
9 Ссæст адæм сæ уæзы бын хъæрзынц,
се ’фхæрджыты къухы бын
дзыназынц,
10 фæлæ иу афтæ зæгъæг нæй:
„Кæм ис Хуыцау, ме Скæнæг,
сау бон зарынæй Чи раивы,
11 фосæй уæлдай нын зонд Чи радта,
тæхаг мæргътæй хъауджыдæр нæ
æмбаргæ Чи скодта?“
12 Фæлæ вæййы,
дзыназынц Æм æххуысæнхъæл,
æмæ сын Уый
æнаккæгты сæрыстырдзинады
аххосæй
дзуапп нæ ратты.
13 Хуыцау тутт ныхæстæм нæ хъусы,
Æппæтхъомыс уыдæттæ
ницæмæ дары.
14 Ды дзурыс, нæ Йæ уыныс, зæгъгæ,
фæлæ дын Уый дæ хъуыддаг æвзары,
æмæ æнхъæлмæ кæс.
15 Дæумæ гæсгæ, Йæ маст æгæр уромы,
адæмæн сæ тæригъæдтæ нæ уыны?
16 Уæдæмæ дзæгъæлдзырд кæны Иов,
æмбаргæ ницы кæны,
афтæмæй бирæ дзуры».

**36** Æмæ Елигу дзырдта дарддæр:
2 «Чысыл-ма мын бабыхс,
æмæ дын зæгъон
Хуыцауы тыххæй ноджы мæ зæгъинаг.
3 Дардæй райдайдзынæн мæ ныхас,
цæмæй ме Скæнæджы рæстдзинад
равдисон.
4 Дызæрдыг ма кæн —
ницы мæнг зæгъдзынæн,
мæнæйуый цы дзуры,
уый бæлвырд зоны.
5 Хуыцау хъомысджын у
æмæ Йæхи нæ атигъ кæндзæн,
фидар зæрдæ кæмæн ис, уыыл.
6 Фыдгæнæджы нæ ныууадздзæн
æгасæй,
æфхæрдæн та раст тæрхон скæндзæн.
7 Рæстудæй нæ аздахдзæн Йе ’ргом,
паддзæхтимæ йæ æмсæр скæндзæн,
мыггагмæ йæ сбæрзонд кæндзæн.
8 Хъæдамантæ куы бакæной
адæймагыл,
бæллæхтæ йыл куы æртыхсой,
9 уæд ын уымæй та амоны
йæ тæригъæдтæм,
сæрыстыр кæй у, уымæ,
10 æмæ йын Уый йæ хъустæ
хъусынæн кæй гом кæны
æмæ йæ раст фæндагыл кæй аразы.
11 Кæд Йæ коммæ бакæсой
æмæ Йын лæггад кæной,
уæд арфæйаг уыдзæни сæ кæрон,
райгæ арвитдзысты сæ царды бонтæ.
12 Кæд æмæ Йæ коммæ нæ бакæсой,
уæд та искæй къухæй амæлдзысты,
се ’нæзонды аххосæй
бабын уыдзысты.
13 Æнæхуыцæутты зæрдæтæ
мастæй йедзаг сты,
хъæдамантæ сыл куы бакæной,
уæд дæр Хуыцаумæ æххуысагур
нæ дзыназдзысты.
14 Æвзонгæй амæлынц
кувæндоны хъахбайтау.
15 Фæлæ мæгуыр лæджы
Уый фервæзын кæны фыдбылызæй,
йæ бафхæрды фæрцы йын
байгом кæны йæ хъустæ.
16 Дæу дæр уынгæг ранæй
бæргæ ракæнид,
де уæнгтæ парахатæй
куыд айтынг кæнай;
дзаг фынгыл дæ æрбадын кæнид.
17 Фæлæ дæумæ
æнæхуыцæутты зондахаст ис:
хъуыды кæныс тæрхон
æмæ тæрхонысккъуыдыл.
18 Дæхи хъахъхъæн,
Йæ азар дæ куы баййафа, уымæй,
уæд дæ иу ахæстаргъ дæр
нæ фервæзын кæндзæн.
19 Хъæздыгдзинады фæрцы
фыдбылызæй фервæздзынæ?
Де ’ппæт хъарутæ куы бахардз кæнай,
уæд дæр фыдбылызæй
нæ фервæздзынæ.

20 Адæмтæн се сæфт куы ралæудзæн,
уыцы фыдæхсæвмæ ма бæлл!
21 Тæригъæдæй дæхи хиз —
фыдæвзарæнты дзæгъæлы
нæ бахаудтæ.
22 Хуыцауы хъомыс æгæрон у.
Уый хуызæн зондамонæг кæм и?
23 Уымæн фæндаг чи бацамондзæн?
Чи Йын зæгъдзæн: „Раст нæ кæныс?“
24 Ма Йын рох кæн
Йæ хъуыддæгтæ стауын,
адæм кады зарджытæ
кæуыл скодтой, уыдон.
25 Алчидæр сæ уыны,
адæммæ дардмæ дæр зынынц.
26 Стыр Хуыцауы махæн нæ бон
базонын нæу,
Йæ азты нымæцæн банымайæн нæй.
27 Уый æрæмбырд кæны доны ’ртæхтæ,
æмæ сæ къæвдайы ’ртæхтæ
фестын кæны.
28 Æврæгътæй æркæлынц,
сахайæ адæмы ныххуылыдз кæнынц.
29 Чи бамбардзæн, мигътæ
куыд тæхынц, уый,
æрвнæрды гыбар-гыбур —Йæ цатыры?
30 Мæнæ ныррухс кодта мигътæ,
денджызы бын балæууыдысты
Йæ фæттæ.
31 Афтæ тæрхон кæны адæмтæн
æмæ сын парахатæй хойраг ратты.
32 Уый Йæ армы арвæрттывд дары,
кæдæм цæвын хъæуы,
уый йын амоны.
33 Арвы гыбар-гыбур дзуры
Йе ’рбацыдыл,
фыддзинадмæ Йæ маст
кæй рафыхти, ууыл.

**37** Мæ зæрдæ йæхи къултыл уымæн хойы,
рагæппæввонг у мæ риуæй.
2 Хъусут, хъусут Йæ нæргæ хъæлæсмæ,
æрвнæрды уынæр цæуы Йæ комæй,
3 арв æгасæй гыбар-гыбур фестад,
зæххы кæрæттæм хæццæ кæнынц
Йæ судзгæ фæттæ.
4 Æмæ мæнæ ныннæры Йæ хъæлæс,
Йæ диссаджы хъæлæс
ныггыбар-гыбур кæны —
алы ранмæ дæр хъуысы.
5 Дисы æфтауы Хуыцауы хъæлæс,
зонд нæ ахсы Йе стыр хъуыддæгтæ.
6 Митæн фæзæгъы: „Зæхх æрæмбæрз!“,
къæвдатæн: „Тынгдæр уарут!“
7 Алкæй къухыл — Йæ нысан,
цæмæй Йын алчи
Йæ хъуыддæгтæ зона.
8 Сæ хуыккæмттæм алидзынц сырдтæ
æмæ æрныгъуылынц уым.
9 Сусæг æвæрæнтæй рацæуы тымыгъ,
абухгæ дымгæтæ ’рбахæссынц уазал.
10 Хуыцауы æрбаулæфтæй равзæры их,
ныхъхъæбæр вæййы доны уæлцъар.
11 Хуыцау мигътæ байдзаг кæны донæй,
арвæрттывдтæ райдзæгъды
æврæгътæй.
12 Мигътæ Йæ фæндонæй
зилдух кæнынц,
сæ хуыз аивынц;
Уый сын куыд фæзæгъы,
афтæ кæнынц æгас зæххы къорийыл.
13 Куы Хуыцауы цæф,
куы та Йæ хорзæх æрхæссынц зæхмæ.
14 Фæлæуу, Иов, æрбайхъус,
Хуыцауы диссæгтыл ахъуыды кæн!
15 Зоныс æй, мигътæ
Хуыцауы коммæ куыд кæсынц,
арвæрттывдæй
куыд ныррухс кæны мигъ?
16 Зоныс, мигътæ арвастæу
куыд лæууынц?
Уый алцыдæр зоны æххæстæй,
диссаг сты Йæ хъуыддæгтæ.
17 Хуссайраг дымгæ
зæххыл куы рауадзы,
уæд сфыцыс дæ дарæсы.
18 Мыййаг, ды Йемæ
нæ айтыгътай уæлæрвтæ,
джиппыуагъд айдæнау
фидар чи у, уыдон?
19 Бацамон нын, цы Йын зæгъæм, —
ацы сæудары мах нæ сæрæн
ницыуал зонæм.
20 Йемæ мæ ныхас кæнын кæй фæнды,
уый йын æз куыд фехъусын кæнон —
мæхимæ мæ къух исын?
21 Никæй бон у хурмæ кæсын,
арвыл тæмæнтæ куы фæкалы,
дымгæ мигътæ куы асуры, уæд.
22 Цæгатæй фæзыны сыгъзæрин цæхæр —
Хуыцауы диссаджы рæсугъддзинад
тасы æфтауы!
23 Æппæтхъомысыл не ’ххæссы нæ зонд.
Йæ хъомысæй,
Йæ раст тæрхонæй цытджын у.
Йæ рæстад у æгæрон,
Уый никæй æфхæры.
24 Уымæ гæсгæ, йæхи зонджын
чи хоны,

уыдон Дзы иуулдæр тæрсæнт,
уæлзонд кæмæ ис,
уыдон иуулдæр ризæнт Йæ разы!»

38 Уæд Иовмæ уадтымыгъæй
радзырдта Хуыцау, загъта йын:
2 «Ды чи дæ, цæмæй Мæ фæнды ныхмæ
æнæзонд ныхæстæ кæнай?
3 Дæ астæу æрбабæтт лæгау,
дзуапп дæттынмæ
æрцæттæ кæн дæхи,
Æз дæ фæрсдзынæн,
æмæ Мын ды зæгъ:
4 Æз зæхх куы арæзтон,
уæд ды кæм уыдтæ?
Кæд æй зоныс, уæд дзуапп ратт.
5 Йæ ас ын чи снысан кодта,
йæ сæрмæ йын барæн синаг
чи айвæзта, уый зоныс?
6 Йæ бындуртæ цæуыл æнцайынц,
сæрæвæрæн дур ын чи сæвæрдта,
7 сæумæйæ стъалытæ куы радысты,
Хуыцауы фырттæ цины хъæр
куы кодтой, уæд?
8 Денджызы дуæрттæ чи сæхгæдта,
зæххы арфæй
йæхи куы срæмыгъта, уæд;
9 мигъты йæ куы батыхтон
æмæ йæ тарæй куы бамбæрзтон;
10 йæ арæнтæ йын куы сбарстон
æмæ йын кулдуар
куы сæвæрдтон æвдузæнтимæ;
11 загътон ын: „Ардæмты дын бар ис,
дарддæр та нæ,
дæ сæрыстыр уылæнтæн
ацы ран у сæ арæн“.
12 Дæ цæрæнбонты искуы
Хурыскастæн бардзырд радтай,
Сæуæхсидæн йæ бынат бацамыдтай,
13 цæмæй зæххы кæрæттыл аххæсса
æмæ æнæхуыцæутты зæххæй акала;
14 цæмæй джиппæйфыст æлыгау,
зæхх йæ хуыз аива,
хъуымацау сырх адара,
15 æмæ æнаккæгтæн сæ рухс ахуысса,
сæ къух цæвынæввонгæй
саст æрцæуа?
16 Денджызы гуырæнмæ
искуы бафтыдтæ,
йæ тарф ын искуы басгæрстай?
17 Мæлæты дуæрттæ дын
искуы байгом сты,
мæрдон тары дуар искуы федтай?
18 Зæххы фæтæн искуы сбарстай?
Кæд æппæт уыдæттæ зоныс,
уæд-ма сæ радзур.
19 Рухсы цæрæнмæ фæндаг кæуылты у,
тары цæрæнуат кæм ис?
20 Ды йæ фæстæмæ
йæ бынатмæ акæндзынæ,
фæндаг ын бацамондзынæ?
21 Ды алцыдæр зоныс,
исты, мыййаг, се ’мгар нæ дæ,
дæ царды бонтæ уæдæй
нæ нымайыс —
уый бæрц нæ рацардтæ!
22 Миты æфтауцдоны искуы уыдтæ,
ихы хæзнадон искуы федтай,
23 бæллæхы заманмæ кæй æвæрын,
хæст æмæ тохы бонмæ?
24 Арвæрттывды фæндæгтæ кæм сты,
скæсæйнаг дымгæ
зæхмæ кæуылты тæхы?
25 Чи сарæзта сахкъæвдатæн
донгæлæнтæ,
нæргæ уадтымыгъæн — фæндæгтæ,
26 цæмæй, æдзæрæг,
адæймаг кæм нæй,
уыцы зæххытæ донхорыг кæной,
27 æвæд æрнæджытæ донæй æфсадой,
æмæ зайæгхæлттæ сырæзой зæххыл.
28 Къæвдайæн фыд ис?
Чи у йæ ныййарæг æртæхæн?
29 Кæй хуылфæй рантысы их,
æрвон халас кæмæй райгуыры,
30 дæттæ дурау
куы ныхъхъæбæр вæййынц,
хуыдымы уæлцъар
куы ныссæлы, уæд?
31 Дæ бон у Æрфæны сахсæнтæ
тынгдæр балвасын,
Ориона сахсæнтæ суæгъд кæнын?
32 Дæ бон у стъалыгуппартæ
сæ афоныл рахонын
æмæ Авд хойæн фæндаг амонын?
33 Арвы фæтк дын зындгонд у,
зæххæн уагæвæрд сфидар кæнис?
34 Дæ хъæлæс
æврæгъты онг сæххæсдзæн,
знæт дæттæ дын дзуапп ратдзысты?
35 Арвæрттывд, кæдæм ын зæгъай,
уырдæм ныййарц уыдзæн,
зæгъдзæн дын, цæттæ дæн, зæгъгæ?
36 Уæлзонд чи бавæрдта зæрдæйы,
чи скодта æмбаргæ зонд?
37 Уый бæрц куырыхон чи у,
цæмæй мигътæ банымайа
кæнæ уæларвон мигæнæнтæ
фæкъул кæна,
38 æмæ зæххы уæлцъар ныхъхъæбæр уа,

цъыфы къуыбæрттæ
бандæдзой кæрæдзиуыл?
39 Исты мадæл домбайæн
йæ амæттаджы ды ’рцахсыс
æмæ йын йæ лæппынты ды бафсадыс,
40 сæ хуыккомы куы ’рныгъуылынц,
кæнæ къутæрты сæ амæттæгты
куы фæхъахъхъæнынц, уæд?
41 Сынтæн чи ’рцæттæ кæны холлаг,
стонгæй йæ лæппынтæ
сæхи раппар-баппар куы фæкæнынц
æмæ сæ фыр тыхстæй
Хуыцаумæ
куы фæхъæр кæнынц, уæд?

**39** Ды сычъитæн сæ зайыны афон
зоныс?
Сæгуыттæн сæ зайыны æмгъуыд
фæхатыс,
2 сæ гуырдз сæ гуыбыны
цал мæйы хæсгæ у, уый?
Сæ зæйц кæд рантысдзæн, уый зоныс?
3 Утæхсæнгæнгæ ракалынц сæ цæуæт,
сæ уаргъæй суæгъд кæнынц сæхи,
4 цæмæй сæ зæйц сæрибарæй
хъомыл кæной,
сæ тыхы бацæуой
æмæ сæ стæй ныууадзой,
макуыуал сæм раздæхой?
5 Хъæддаг хæрæджы сæрибарæй
чи ауагъта,
хайуанæн йæ сахсæнтæ
чи райхæлдта?
6 Æз æй æдзæрæг быдыры
æрцæрын кодтон,
цæххæргом зæххытæ йын
цæрæнбынатæн радтон.
7 Сахары дзолгъо-молгъо
уымæ худæгау кæсы,
бæхтæрæджы хъæр
зонгæ дæр нæ кæны.
8 Къуылдымтыл хизы йæхицæн,
тихалæг дæр дзы нæ ирвæзы.
9 Хъæддаг гал дын
лæггад кæнын бакомдзæн?
Дæ кæвдæсы цур
бахсæвиуат кæндзæн?
10 Йæхи дын дзывырыл
бабæттын бауадздзæн,
дæ фæдыл зæхх
куыд бахуым кæна, афтæ?
11 Йе стыр хъаруйæ
дæхицæн ныфс бавæрдзынæ
æмæ йын дæ куыст
йæ бар бакæндзынæ?
12 Дæ хор дын æрæмбырд кæндзæни
æмæ йæ мусы бафснайдзæни,
уыл бауæнддзынæн?
13 Страус йæ базыртæ фыр цинæй тилы,
къаннæг сты йæ базыртæ,
фæлæ сæ систæ куыд диссаг сты!
14 Змисы æрæфтауы æйчытæ,
схъарм ын вæййынц уым,
15 исчи сыл къахæй ныллæудзæн,
хъæддаг сырдтæ сæ бассæнддзысты,
уый мæт æй нæй.
16 Йæ лæппынтæ йын
æцæгæлæттау сты,
йæ фыдæбæттæ дзæгъæлы
кæй фæуыдзысты,
уымæй нæ тæрсы.
17 Уымæн æмæ хъуыды нæ кæны,
Хуыцау ын зонд нæ радта.
18 Фæлæ йæ базыртæ куы айтынг кæны,
уæд æм барæг дæр худæг фæкæсы —
фæсте йæ фæуадзы.
19 Бæхæн хъару исты ды радтай,
йæ хъуыр ын ды сфæлыстай барцæй?
20 Мæтыхау æй размæ згъорын
ды сахуыр кодтай?
Йæ хуыррыттæй алчи
зæрдæдзæф куы кæны!
21 Цингæнгæ йæ сæфтджытæй
зæхх хойы
æмæ тохмæ бырсы риуæмбæрцæй;
22 худæг æм кæсы тас,
кард дæр æй нæ уромы;
23 Сагъадахъ дзыгъал-мыгъул кæны
йæ сæрмæ,
ферттивынц æрцытæ;
24 йæ къæхты бын зæхх нынкъуысы,
сыкъауадындзы уастмæ размæ
куы фæцагайы, уæд.
25 Сыкъауадындзы уастмæ
ныммыр-мыр кæны,
дардмæ дæр хæсты уынæр хъусы.
26 Дæ фæндæй тæхы уари,
хуссайраг дымгæмæ
йæ базыртæ куы айтындзы, уæд?
27 Дæ ныхасæй фехсы йæхи хæрдмæ
æмæ бæрзонд æрцаразы йæ ахстон?
28 Къæдзæхыл ис уымæн йæ цæрæн,
æгæндæг айнæджы тигъ у йæ фидар.
29 Уырдыгæй хъахъхъæны
йæ амæттаджы,
йæ цæстытæ дардмæ уынынц.
30 Йæ лæппынты хæссы тугæй,
мард кæм уа, уым февзæры».
31 Æмæ ма загъта ноджы Иовæн Хуыцау:
32 «Ацы быцæугæнæг

Æппæтхъомысæн зонд амоны?
Хуыцауы азымджын чи кæны,
уый-ма дзуапп раттæд!»
33 Æмæ дзуапп радта Хуыцауæн Иов:
34 «Æз та цы дæн?
Цавæр дзуапп Дын хъуамæ раттон?
Мæ армытъæпæнæй
мæ былтæ æхгæнын.
35 Иу хатт загътон
æмæ дарддæр ницыуал дзурын.
Дыууæ хатты загътон,
фæлæ ныр ныхъхъус уыдзынæн».

40 Уæд Хуыцау Иовмæ
уадтымыгъæй радзырдта:
2 «Дæхи æрцæттæ кæн
дзуапп дæттынмæ лæгау,
Æз дæ фæрсын,
ды та мын-иу дзуапп ратт:
3 Ау, ды Мæ тæрхоныл
дæхи атигъ кæндзынæ,
цæмæй дæхи сраст кæнай,
уый тыххæй Мæн
азымджын кæндзынæ?
4 Æви дæумæ дæр Хуыцауы хъомыс ис,
дæуæн дæр Уыйау дæ хъæлæс
арвгæрæтты уырауы?
5 Уæд дæхи хъомысæй сфæлынд,
тæмæнкалгæ кады æрбатух дæхи,
6 ныккал дæ маст,
æркæс сæрыстырмæ
æмæ йæ ’рцахуыр кæн,
7 хирвæссонмæ ’ркæс æмæ йæ басæтт,
æнаккæгты та
уыцы тæккæ уысм ныссæнд.
8 Иууылдæр иумæ сæ
дæлдзæхы банығæн,
ныккæнды дуæрттæ сыл сæхгæн.
9 Уæд Æз Мæхæдæг дæр бауæнддзынæн,
дæ рахиз къух дæ
кæй фервæзын кæндзæн, ууыл.
10 Бакæс-ма бегемотмæ:
уый дæр дæу хуызæн сфæлдыстон,
галау кæрдæгыл хизы.
11 Бакæс-ма йын йæ сæвджын синтæм,
йæ гуыбыны хъæддых нуæрттæм!
12 Йæ къæдзил кедры зæнгау — фидар,
йæ синты нуæрттæ
стыхстысты кæрæдзиуыл.
13 Йе стджытæ — æрхуы хætæлтау,
йæ къæхтæ — æфсæн лæдзджытау.
14 Уымæй диссагдæр нæй,
Хуыцау цы сфæлдыста, уыдонæй,
æрмæст ыл йе Сфæлдисæг
фæтых уыдзæн!
15 Хизы хæхты,
хъæддаг сырдты хæтæнты.
16 Дондидинты æхсæн
йæ фæллад уадзы,
цъымарайы цъæнуты фембæхсы.
17 Дондидинтæ йæм ауун дарынц,
донхæристæ йæ бакæнынц сæ астæу.
18 Донивылдæй дæр нæ фæтæрсдзæн,
Иордан йæ дзыхмæ
куы багуылф кæна,
уæд дæр нæ сызнæт уыдзæн.
19 Йæ сæрæй йæ чи ’рцахсдзæн,
йæ фындзмæ йын чи фæлæбурдзæн?
20 Уæдæ Левиафаны
æнгуырæй æрцахсдзынæ,
йе ’взаг ын бæндæнæй нылвасдзынæ?
21 Йæ фындзы йын къæцæл
атъысдзынæ,
йе ’фсæры йын къæпсыр
ныссадздзынæ?
22 Уынгæг хъæлæсæй дæм сдзыназдзæн,
лæгъстæ кæнынмæ дын фæуыдзæн?
23 Демæ баныхас кæндзæн,
æнустæм дын цагъарæй ныллæудзæн?
24 Лæппын цъиуæй хъазæгау дзы
хъаздзынæ,
чысыл чызджыты ирхæфсынæн æй
истæуыл абæтдзынæ?
25 Кæсагахсджыты бар æй бакæндзынæ,
цæмæй йæ ханаанæгтæн хайгай
ауæй кæной?
26 Йæ царм ын арцæй
фæхуынкъ кæндзынæ,
йæ сæр ын кæсагахсæджы сагойæ
ныппырх кæндзынæ?
27 Дæ арм ыл æрæвæр,
æмæ тох кæнын дæ хъуыдыйы дæр
никуыуал æрцæудзæн.

41 Ахæм ныфс дæ æппындæр ма уæд!
Йæ иу бакастæй дæр
нæ нырриздзынæ?
2 Уый смæсты кæнын чи бауæнддзæн,
ныхæй-ныхмæ йæм чи æрлæудзæн?
3 Мæ размæ чи ралæууа,
уымæн Æз аккаг фæуыдзынæн.
Арвы бын цыдæриддæр ис,
уыдон иууылдæр Мæн сты.
4 Йе уæнгты тыххæй
æнæ зæгъгæ нæ фæуыдзынæн:
хъаруйæ æххæст сты,
кондæй — рæсугъд.
5 Йæ дарæсы кæроныл ын чи схæцдзæн,
йæ дывæр згъæр ын
чи фæхуынкъ кæндзæн?

6 Йæ ком ын чи байгом кæндзæн?
Йæ дæндæгты равæрд тас æфтауы.
7 Йе рагъыл — уартыты рæнхъытæ,
сасмæй ныхæстау — æнгомæвæрд.
8 Кæрæдзимæ афтæ хæстæг сты,
æмæ сæ астæуты уæлдæф дæр
нæ ацæуудзæн.
9 Иу дзы иннæмæ йæхи нылхъывта,
æддæг-мидæг ауадысты.
10 Йе 'хснырстæй арв ферттивы,
йæ цæстытæ — сæуæхсиды æнгæс;
11 йæ комæй арт бырсы,
зынджы стъæлфæнтæ дзы хауы;
12 йæ фындзы хуынчъытæй
фæздæг кæлы,
цыма къонайы сæрмæ
арт пæлхъ-пæлхъ кæны, уыйау;
13 йæ комулæфтæй
сзынг вæййы æвзалы,
арт цæуы йæ комæй.
14 Йæ хъуыры кондыл бæрæг у йæ хъару,
йæ бакастæй тас æфтауы.
15 Йæ фыдтæ кæрæдзимæ
афтæ æнгом сты,
æмæ нæ фенкъуысдзысты.
16 Йæ зæрдæ дурæй уæлдай нæу,
куыройы фыдау хъæбæр у.
17 Йæ уындæй тыхджынтæ дæр
фæтæрсынц,
сæ сæр сæ кой свæййы.
18 Йæ ныхмæ нæ фæлæудзысты
нæдæр кард, нæдæр арц,
нæдæр згъæр.
19 Уый æфсæн хъæмпыл нымайы,
æрхуы та — æмбыд къодахыл.
20 Фаты тасæй лидзæг нæ фæуыдзæн,
дурæхсæны дуртæ уымæн
зыгуымæй уæлдай не сты.
21 Æфсæн лæдзæг
хъæмпыхалыл нымайы,
арцы æхситт æм худæгау кæсы.
22 Йæ гуыбыны цъар —
дурыны сæстытау,
похци кæнæгау уый
фæцæйбыры цъыфыл.
23 Хуыдым рафыцын кæны агау,
фыцгæ сойы аг
фестын кæны денджыз.
24 Цæхæркалгæ фæд уадзы йæ фæстæ,
æгæрон арф цыма
урс фынг фестади, уыйау.
25 Зæххыл уый хуызæн нæй,
йе сконд афтæ у,
æмæ ницæмæй тæрсы.
26 Бæрзондæй цыдæриддæр ис,
уыдонæй алцæмæ дæр
сæрбæрзондæй кæсы:
æппæт сæрыстыртæн
сæ паддзах у уый».

**42** Æмæ Иов дзуапп радта Хуыцауæн:
2 «Зонын æй, Дæ бон алцыдæр у,
цы Дæ бафæнда,
æмæ цы нæ сараздзынæ!
3 Æз цы дæн,
цæмæй дын Дæ фæнд фауон,
зонгæ куы ницы кæнын, уæд?
Цы не 'мбарын, уыдæтты кой кодтон,
мæ зонд кæй нæ ахсы,
уыцы диссæгтыл дзырдтон.
4 Уæдæ æрыхъус,
цы зæгъдзынæн, уымæ,
æз Дæ фæрсдзынæн,
æмæ мын дзуапп ратт.
5 Нырмæ Дын æрмæст
Дæ кой хъуыстон,
ныр та Дæ мæ цæстæй уынын.
6 Уымæ гæсгæ мæ ныхæстыл
мæ къух исын,
фæсмонæй мæхи хæрын,
фæнык æмæ рыджы бадгæйæ».
7Дунедарæг Иовимæ Йæ ныхас куы фæ-
ци, уæд загъта теманаг Елифазæн: «Дæу-
мæ дæр æмæ дæ дыууæ 'мбалмæ дæр фыр
мæстæй судзын — сымах Мæн тыххæй Мæ
цагъар Иовы хуызæн раст кæй нæ дзырд-
тат, уымæн. 8Уымæ гæсгæ авд гал æмæ авд
фысимæ фæцæут мæ цагъар Иовмæ æмæ
сæ уæхи номыл иууылсудзинаг нывондæн
æрхæссут, мæ цагъар Иов сымах тыххæй
скувæд. Æрмæстдæр уый куывд айсдзынæн
Æз æмæ уæ нæ бафхæрдзынæн, Мæ цагъар
Иовы хуызæн раст кæй нæ дзырдтат, уый
тыххæй».
9Теманаг Елифаз, шуахаг Билдад æмæ на-
амайаг Цофар ацыдысты æмæ, Дунедарæг
сын куыд загъта, афтæ бакодтой. Æмæ айста
Дунедарæг Иовы куывд. 10Иов йе 'мбæлтты
тыххæй куы скуывта, уæд ын Дунедарæг,
раздæр æм цы уыди, уыдон дывæрæй фæс-
тæмæ бафтыдта йæ къухы. 11Æрбацыдысты
йæм йе 'фсымæртæ æмæ йæ хотæ, йæ раздæ-
ры хорз зонгæтæ. Йемæ фынгыл бадтысты
йæ хæдзары æмæ йын зæрдæтæ æвæрдтой,
Дунедарæг ын бæллæхтæ кæй бавзарын
кодта, уый тыххæй, алчидæр ын балæвар
кодта сæдæ æвзист æхцайы æмæ фæйнæ
сыгъзæрин къухдарæны.
12Дунедарæг Иовæн йæ дарддæры цар-
ды бонтæ раздæры цардæй арфæгонддæр

скодта: цыппæрдæс мин сæры йæм фысвос
фæзынд, æхсæз мины — теуатæ, мин цæды —
галтæ, мин сæры — сыл хæрджытæ. [13]Авд
фырты æмæ йын æртæ чызджы райгуырди.
[14]Иуы дзы схуыдта Емимæ, иннæйы — Кес-
сиа, æртыккаджы — Керен-Гапух. [15]Дунетыл
уыдонæй рæсугъддæр сылгоймаг нæ уыди,
æмæ сын сæ фыд йæ бынтæй се 'фсымæрты
æмрæнхъ схай кодта.

[16]Уый фæстæ ма Иов фæцарди сæдæ цып-
пор азы æмæ ма йæ байзæддæгтæн суанг сæ
цыппæрæм фæлтæр дæр æрæййæфта. [17]Иов
амарди хæрз зæрондæй, цæрынæй бафсæс-
ти, афтæмæй.

# Псаломты чиныг

Дзуттаг æвзагыл ацы чиныг хуыйны «Техиллим» («Кады зарджытæ»), Рагон Фæдзæхсты рагон бердзенаг тæлмацы та – «Псалтерион» (уадынгарз «хъисынфæндыр»-ыноммæ гæсгæ), уырдыгæй цæуы чиныджы уырыссаг ном «Псалтырь» дæр.

Арæзт у 150 псаломæй (рагон бердзенаг къухфысты æмбæлы 151-æм псалом дæр). Куыд уырыссаг Синодалон тæлмацы, афтæ мах тæлмацы дæр псаломты номхыгъд у рагон бердзенаг тæлмацы варианты хуызæн. Кæмдæрты хицæн кæны дзуттаг тексты æмæ Сыгъдæг Фысты иуæй-иу нырыккон тæлмацты номхыгъдæй.

Псаломты чиныг у хæйттæй арæзт: фыццаг хай – 1–40 псаломтæ; дыккаг – 41–71; æртыккаг – 72–88; цыппæрæм – 89–105; фæндзæм – 106–150 псаломтæ. Израилаг адæм вавилойнаг уацарæй куы æрбаздæхтысты, уый фæстæ псаломты фондз æмбырдгондæй арæзт æрцыди иу чиныг. Иуæй-иу псаломтæ (зæгъæм, 13 æмæ 52) чысыл ивддзинæдтимæ фæлхатгонд цæуынц чиныджы алы хæйтты, кæцыдæртæ та æмбæлынц Рагон Фæдзæхсты иннæ чингуыты дæр (зæгъæм, 17 псалом у Паддзахæдты дыккаг чиныджы 22 сæр).

Сæ формæ æмæ сæ мидисмæ гæсгæ псаломтæ кæрæдзийæ тынг хицæн кæнынц. Се 'хсæн – Хуыцауæй æхххуыс агурыны охыл куывдтытæ, æгъатыр знæгтæй сæ бахизыны æмæ фыдгулты бафхæрыны фæдыл курдиæттæ. Ис дзы зæрдиаг арфæтæ Хуыцауæн – тыхст заманты Йе 'гæрон хорзæх æмæ Йе стыр æххуыс кæй саккаг кодта, уый тыххæй. Псаломтæй иутæ кад кæнынц Израилы паддзахæн – уымæн йæ хъахъхъæнæг Хуыцау у, Уый йын дæтты уæлахиз. Иннæтæ зæрдыл æрлæууын кæнынц рагон Израилы историимæ баст цаутæ. Чи зоны æмæ псаломтæн сæ тæккæ ахадгæдæртæ сты, чиныджы сæйраг Хъайтар – Дунедарæг Хуыцауæн кад чи кæны, кады зарæг Ыл чи нывæнды, уыдон. Алы уырнæг адæймаг дæр ацы чиныджы ссардзæни йæ зæрдæйы уагмæ æввахс куывдтытæ – уымæн æй нымайынц рагæй-æрæгмæ кувыны ахуыргæнæн чиныгыл, дины алыхуызон традицитыл чи схъомыл ис æмæ Хуыцауыл чи æуууæнды, дунейы алы адæмты уыцы минæвæрттæ. Псаломтæ мадæлон æвзагмæ ивгæйæ, алыбæстаг поэттæ пайда кодтой ацы чиныгæй ист фæлгонцтæ æмæ аивадон мадзæлттæй.

Псаломты райдиан хатгай нысангонд вæййы, цы цаутæ æмæ историон персонажтимæ баст сты, уый, æмæ иннæтæй арæхдæр æмбæлы паддзах Давиды ном. Бæлвырдæй зын зæгъæн у, Давид ацы псаломтæм цы бар дары, уый: уый кæнæ автор у, кæнæ сæйраг хъайтар, кæнæ та ацы поэтикон жанр сфæлдисæг. Ахæм сæргæндтæ мах тæлмацы дæр нысангонд цæуынц куыд «Давиды псалом».

Уымæй уæлдай ма сæргæндты амынд цæуы, бæлвырд псалом заргæйæ, цавæр мелодитæ æмæ уадынгæрзтæй пайда кæнын æмбæлы, уый. Ацы дзуттаг терминты нысаниуæг бынтон бæлвырд нæу, уымæ гæсгæ сæ тæлмацгæнджытæ кæнæ æнæивдæй ныууадзынц, кæнæ та сæ зæрдаив тæлмацæй раттынц. Зæгъæм, дзырд «мизмор» æдæппæтæй фæлхатгонд цæуы фæндзай авд псаломы æмæ, раст зæгъгæйæ, æвæццæгæн, амоны «псалом». Дзырд «маскил» та, æвæццæгæн, ахсджиаг динамонæн ныстуантæ цы псаломты ис, уыдон нысангæнæг у.

Кæцыдæр псаломтæ (24, 33, 36, 110, 111, 118, 144) арæзт сты акростихы хуызы, æмæ сæ алы рæнхъ дæр райдайы дзуттаг алфавиты фæсдзæугæ дамгъæйæ. Уыцы мадзалæй ма пайдагонд цæуы «Йеремиайы хъарæг» æмæ «Соломоны æмбисæндты чиныджы» дæр (фæстаг сæр).

---

**1** Тæхудиаг у уыцы адæймаг,
фыдгæнджыты зонды фæдыл
чи нæ цæуы,
тæригъæдджынты фæндагыл
чи нæ лæууы,
фыддзыхтимæ чи нæ бады.
2 Дунедарæджы Æгъдау
адджын кæмæн у,
Дунедарæджы Дзырд
æхсæвæй-бонæй йæ зæрдыл чи дары!
3 Уый у доны был сагъд бæласау,
йæ дыргътæ афоныл
кæмæн рæгъæд кæнынц,
йæ сыфтæр кæмæн не 'руайы.
Цæмæ бавнала –
алы ран дæр æнтыстджын.
4 Æнæхуыцæуттæн æндæр у
сæ хъысмæт:

уыдон сты, дымгæ кæй ахæссы,
уыцы зыгуымау.
5 Фыдгæнæг не сраст уыдзæни
тæрхоны,
тæригъæдджын — рæстудты æхсæн.
6 Уымæн æмæ рæстудты фæндагмæ
Дунедарæг Йæ цæст дары,
фыдгæнджыты фæндаг та
сæфтмæ кæны.

**2** Цæмæн змæнтынц адæмтæ,
кæмæй ницы рауайдзæн,
ахæм фæнд
цæмæн нывæндынц дзыллæтæ?
2 Растадысты зæххон паддзæхтæ,
æрбамбырд сты иумæ барджынтæ
Дунедарæг æмæ Йæ байсæрсты
ныхмæ:
3 «Арæдувæм сын сæ хъадамантæ,
аппарæм сын сæ сахсæнтæ!»
4 Йæ паддзахы бадæн арв Кæмæн у,
Уый сыл худы,
худæгæй сыл мæлы Дунедарæг.
5 Йæ афоны сын зæгъдзæни мæстыйæ,
Йæ судзгæ мастæй сыл
тас бафтаудзæн:
6 «Уый Мæ уаз хох Сионы цъуппыл
Æз сой рауагътон
Мæ паддзахы сæрыл».

7 «Хъусын кæнын
Дунедарæджы уынаффæ:
афтæ мын загъта Уый:
„Ды Мæ фырт дæ;
ды Мын абон райгуырдтæ.
8 Кур, æмæ дын адæмты
дæ къухмæ ратдзынæн,
арвы кæрæттæм зæхх
дæ бар бакæндзынæн.
9 Де ’фсæн лæдзæгæй сæ æрцæвдзынæ,
дурынтау сæ ныззыгуым кæндзынæ“».

10 Уæдæ уæхи æрæмбарут, паддзæхтæ,
уæхимæ æрцæут, зæххон барджынтæ!
11 Дунедарæгæн лæггад кæнут тасимæ
æмæ райут, стъæлфгæйæ.
12 Кадджын Æй кæнут сыгъдæгзæрдæйæ,
цæмæй уæм ма смæсты уа,
æмæ фыдвæндаг ма фæуат!
Уайтагъд рафыцдзæни Йæ маст!
Тæхудиаг сты,
йæхи Йыл чи бафæдзæхста, уыдон!

**3** Давиды псалом, йæ фырт Авессаломæй
куы лыгъди, уæд.

2 О Дунедарæг, мæнæ куыд бирæ сты
ме знæгтæ!
Бирæтæ сыстадысты мæ ныхмæ!
3 Бирæтæ дзурынц мæнæй:
«Хуыцау æй нæ фервæзын кæндзæн!»
4 Фæлæ Ды, Дунедарæг,
мæнæн мæ уарт æмæ мæ кад дæ,
мæ сæр мын æгадмæ нæ уадзыс.
5 Дунедарæгмæ фæдисхъæр
ныккæндзынæн,
æмæ мын Уый дзуапп ратдзæни
Йæ уаз хохæй.
6 Схуыссын, бафынæй вæййын
æмæ сыстын —
Дунедарæг мын хъару ратты.
7 Нæ тæрсын, чи мыл æртыхсти,
уыцы адæмы æрдонгтæй.
8 Рахæц мæ сæрыл, Дунедарæг!
Фервæзын мæ кæн, мæ Хуыцау!
Мæ фыдгултæн се ’фсæртæ ныссæтт,
базгъæл фыдгæнджытæн
сæ дæндæгтæ!
9 Ирвæзындзинад Дунедарæгæй у,
æмæ Дæ адæмыл ис Дæ арфæ!

**4** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн:
хъисфæндырты цагъдимæ. Давиды псалом.

2 О Хуыцау, фехъус мын мæ хъæр!
Æрмæстдæр мæ Ды сраст кæндзынæ!
Ды-иу мæ фервæзын кодтай
уынгæджы заман.
Батæригъæд кæн æмæ мын айс
мæ куывд!

3 О адæм, кæдмæ калдзыстут
цъыф мæ номыл?
Кæдмæ уын уыдзысты адджын
мæнг хъуыддæгтæ æмæ фæливæнтæ?
4 Уый зонут, æмæ Дунедарæг
фæхъулон кæны,
æнувыд Ыл чи у, уыдоны.
Æз Дунедарæгмæ куы скувын,
уæд мæ Уый фехъусы!
5 Уæ масты фæдыл цæугæйæ,
тæригъæд ма исут уæхимæ;
уæ хуыссæнуаты ахъуыды кæнут
æмæ æрсабыр ут.
6 Нывæндтæ хæссут,
куыд æмбæлы, афтæ
æмæ Дунедарæгыл уæ зæрдæ дарут.
7 Бирæтæн сæ ныхас уый у:
«Чи нын цы ракæндзæн хорзæй?»
Дунедарæг,
Дæ цæсгомы рухс нæм равдис!

8 Ды мæ зæрдæйы ахæм цин бауагътай,
йæ хор æмæ йæ сæнæн,
ныккæнæн дæр кæмæн нæй,
уыдоны цинæй фылдæр чи у!
9 Æнцад-æнцойæ æрхуыссын æз
æмæ бафынæй вæййын,
уымæн æмæ, о Дунедарæг,
æрмæстдæр дæ фæрцы дæн æдас!

**5** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн:
удæфонты цагъдимæ. Давиды псалом.

2 О Дунедарæг, фехъус мын
мæ ныхæстæ,
бамбар мын мæ уынæргъын!
3 О мæ Паддзах, мæ Хуыцау,
Дæумæ кувын,
мæ хъæр Дæм фехъуысæд!
4 О Дунедарæг!
Ды мын æрвылрайсом хъусыс
мæ хъæлæс,
æрвылрайсом Дæ разы æз
ныфсæнхъæлæй æрлæууын.
5 Фыддзинад Чи нæ уарзы,
Ды уыцы Хуыцау дæ,
æмæ Дæ цуры фыдгæнæгæн
бынат нæй.
6 Къæйных нæ фæлæудзæн Дæ разы,
æнаккæгтæ æнæуынон сты Дæуæн.
7 Фæлитойты бабын кæндзынæ Ды,
марæг æмæ мæнгардыл Дунедарæг
æлгъ кæны.
8 Æз та Де стыр хорзæхы фæрцы
бацæудзынæн Дæ Хæдзармæ,
Дæ Кувæндоны, аргъуыцгæнгæ,
бакувдзынæн.
9 О Дунедарæг,
Дæ рæстады фæндагыл мæ араз!
Ме знæгты фыдæнæн мын
слæгъз кæн мæ размæ Дæ фæндаг!
10 Сæ иу ныхасыл дæр æууæнк нæй,
сæ зæрдæ у фыдбылызмæ арæзт,
сæ дзых — гом ингæн,
се 'взаг — мæнгард.
11 Дæхæдæг сын стæрхон кæн, Хуыцау,
сæхи сæрыл куыд æрцæуой сæ хинтæ!
Сæ фыдракæндтæ бирæ сты,
Дæ ныхмæ рацыдысты,
æмæ сæ фæсур!
12 Æмæ уæд ныццин кæндзысты,
Ды йæ хъахъхъæнæг кæмæн дæ,
уыдон се 'ппæт дæр,
фыр цинæй зардзысты æнустæм,
сæ сæрхъуызой Ды кæй дæ, ууыл.
Дæ ном чи уарзы, уыдонæн
сæ цины сæр Ды дæ.
13 Дунедарæг,
Ды арфæ ракæндзынæ рæстудæн,
Дæ хорзæх æй
хъахъхъæндзæни уартау.

**6** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн:
хъисфæндырты цагъдимæ; ныллæг хъæлæ-
сæй. Давиды псалом.

2 Курын Дæ, о Дунедарæг,
Дæ маст куы судза,
уæд мыл Дæ азар ма ныххуырс!
Фыр мæстæй цæхæртæ куы калай,
уæд-иу мæ ма бафхæр карзæй!
3 Батæригъæд кæн, Дунедарæг,
уымæн æмæ æнæбон дæн.
Сдзæбæх мæ кæн, Дунедарæг, —
ме стджыты онг баризы мæ буар,
4 мæ уд хъизæмар кæны.
О Дунедарæг, кæдмæ уыдзæни афтæ?
5 Раздах мæм Де 'ргом, Дунедарæг,
бахиз мæ мæлæтæй!
Дæ хорзæх мæ кæй ис,
уый фæрцы мæ фервæзын кæн!
6 Чи амæла, уый Дæ нал æрымысдзæн.
Мæрдтыбæсты Дæ чи сыстаудзæн?
7 Бафæлладтæн мæ хъæрзынæй,
æрвылæхсæв мæ сынтæджы
калын мæ цæссыг,
цæстысыгæй мæ хуыссæнуат ныхсын.
8 Мæ цæстыты рухс ахуыссыди мастæй,
ме знæгты фыдæй рæстмæ
уынгæ дæр нал кæнын.
9 Фесæфут мæ разæй, фыдгæнджытæ, —
Дунедарæг мын фехъуыста
мæ дзыназын!
10 Дунедарæг мын фехъуыста
мæ курдиат,
Дунедарæг мын айсдзæни мæ куывд!
11 Ме знæгтæ фæхудинаг уыдзысты,
састы бынаты баззайдзысты,
лидзæг фæуыдзысты æгадæй.

**7** Давиды шигаййон (æнкъард зарæг) Дуне-
дарæгæн, Куш æй, Бениамины мыггагæй иу,
азымы куы бадардта, уæд.

2 О Дунедарæг, мæ Хуыцау,
Дæумæ агурын мæхицæн æмбæхсæн,
æмæ мæ бахиз,
мæ фæдыл зилджытæй мæ
фервæзын кæн!
3 Науæд мæ
акъабæзтæ кæндзысты домбайау,

æмæ мын æххуысгæнæг нæ уыдзæни.
4 О Дунедарæг, мæ Хуыцау,
кæд, цы не ’мбæлы,
ахæмæй исты ракодтон,
фыдракæндæй мæ къухтæ
фæчъизи кодтон,
5 кæд, мемæ хæларæй чи царди,
уымæн йæ хорз æвзæрæй бафыстон, —
æз, æнæ исты ’фсонæй-иу
ме знаг чи сси,
уый дæр-иу чи фервæзын кодта, —
6 уæд фыдгул
мæ фæдыл æфтыд фæуæд,
раййафæд мæ,
сыджыты бын мæ фæкæнæд,
мæ кад мын рыджы сæвдулæд!
7 О Дунедарæг,
Дæ масты цæхæртæ скал!
Ме знæт фыдгулты ныхмæ ралæуу!
Æркæс мæм æмæ рахæц мæ сæрыл,
цы тæрхон рахастай,
уый сæххæст кæн!
8 Дæ алыварс
æрæмбырд уыдзысты адæмтæ,
Ды сæ сæрмæ бæрзонд
Дæ паддзахы бадæны æрбад!
9 Дунедарæг адæмтæн тæрхон кæны.
О Дунедарæг, равзар мын мæ хъаст,
мæ рæстадмæ, æнæкъæм кæй дæн,
уымæ гæсгæ!
10 Фыдгæнджыты хæрам бамынæг уæд!
Рæстудæн та фæфидар кæн йæ зæрдæ,
рæстаг Хуыцау, —
Ды фæндтæ æмæ зæрдæтæ фæлварыс.
11 Мæ уарт — Хуыцау,
рæстзæрдæты Ирвæзынгæнæг!

12 Хуыцау у раст тæрхонгæнæг,
æрвылбон карзæй
дзуапп Чи домы, Уый.
13 Йæ тæригъæдтыл
чи не ’рфæсмон кæны,
уыдоны бафхæрынæн рацæгъды
Йæ кард,
Йе ’рдынбос айвазы
æмæ сæм ныхъхъавы.
14 Райсы мæлæтхæссæг гæрзтæ,
æрцæттæ кæны судзгæ фæттæ.

15 Фыддзинад саразынмæ чи хъавы,
гуырдзау фыдвæнд
йæ зæрдæйы чи хæссы,
уымæй райгуыры мæнгдзинад.
16 Искæмæн дзыхъхъ чи къахы,
уый дзы йæхædæг ныххауы.
17 Йæ фыдракæнд йæхи ныхмæ рауайы,
йæхи сæрыл æрцæуы.
18 Стауын æз Дунедарæджы рæстад,
зарын æз Иууылбæрзонд Хуыцауы
номы кадæн!

**8** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн:
Сæндуцджыты хъæлдзæг зарæджы зæлтæм
гæсгæ. Давиды псалом.

2 О Дунедарæг, нæ Бардарæг!
Куыд кадджын у æгас зæххыл Дæ ном!
Уæлæрвтæй фæуæлдæр ис Дæ кад!
3 Чысыл сабитæ æмæ дзидзидайтæн
сыстауын кодтай Дæхи,
Де знæгтæн Ды равдыстай Дæ хъару,
цæмæй фыдгултæ базоной сæ бон.
4 Де ’нгуылдзтæ
цы уæлæрвтæ сфæлдыстой,
уым цы мæй,
цы стъалытæ æрцауыгътой,
уыдонмæ куы скæсын,
5 уæд фæзæгъын:
«Цы у адæймаг,
æмæ Дæ зæрдыл лæууа,
цы у адæймаджы фырт,
æмæ йыл Ды мæт кæнай?»
6 Ды йæ зæдтæй бирæ дæлдæр
нæ сæвæрдтай,
кад æмæ йын цыт радтай.
7 Цыдæриддæр сфæлдыстай —
йæ бар ын сæ бакодтай,
æппæтдæр ын
йæ къæхты бын æрæвæрдтай:
8 лыстæг фос, стуртæ
æмæ хъæддаг сырдты,
9 уæларвон мæргъты,
денджызы кæсæгты,
фурды æрфыты æппæт змæлджыты.
10 О Дунедарæг, нæ Хуыцау!
Æппæт дунейы кадджын у Дæ ном!

**9** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн:
«Алмут Лаббен»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды
псалом.

2 О Дунедарæг,
зæрдæбынæй Дæ стаудзынæн,
Дæ диссæгты тыххæй Дын
дзурдзынæн.
3 Цин кæндзынæн,
сараздзынæн бæрæгбон,
Иууылбæрзонд,
стаудзынæн Дын Дæ ном.
4 Ме знæгтæ лидзæг фесты,

ærхаудысты, бабын сты Дæ разы.
5 Уымæн æмæ мын
Ды мæ хъаст равзæрстай.
Дæ къæлæтджыны æрбадгæйæ,
Ды раст тæрхон рахастай,
о раст Тæрхонгæнæг!
6 Дæ азар баййæфта адæмты,
фыдгæнджыты ныццагътай,
мыггагмæ сын сæ кой дæр фесæфтай.
7 Знæгтæ бынысæфт фесты,
ныппырх сын кодтай сæ сахартæ,
æмæ сæ кой дæр нал ис.
8 Фæлæ Дунедарæг Йæ
къæлæтджыны — æнустæм,
Йæ паддзахы бадæн
тæрхон кæнынмæ цæттæ у.
9 Уый дунейæн
тæрхон кæндзæни æнæхæрамæй,
адæмтæн рахæсдзæни раст тæрхон.
10 Æфхæрд лæгæн
Дунедарæг уыдзæни æмбæхсæн,
фыдбылызы заман æй бахиздзæн.
11 Дæ ном Дын чи зоны,
уыдонæн сæ ныфс Ды Дæ, Дунедарæг,
уымæн æмæ Ды нæ ныууадздзынæ,
Дæу чи агуры, уыдоны.
12 Кады зарæг кæнут Дунедарæгæн,
Сионы Паддзахæн,
адæмтæн хъусын кæнут
Йæ хъуыддæгтæ.
13 Уымæн æмæ Уый
туджы аргъ фидын кæны,
рох Дзы нæу мæгуырты дзыназын.
14 Батæригъæд мын кæн, Дунедарæг,
æркæс,
ме знæгтæ мæ
удхарæй куыд марынц, уымæ,
мæлæты комæй мæ байс!
15 Æмæ æз æппæлдзынæн Дæуæй
Сионы чызджы кулдуары раз,
цин кæндзынæн,
кæй мæ фервæзын кодтай, ууыл.
16 Адæмтæ, сæхæдæг кæй скъахтой,
уыцы дзыхъхъы аирвæзтысты,
сусæг ран цы ахсæн хыз сæвæрдтой,
уый сæхи къæхтыл стыхсти.
17 Дунедарæг раргом ис, стæрхон кодта:
фыдгæнджытæ сæхи
къæппæджы бахаудтой.
18 Мæрдтыбæсты хай бауæнт
фыдгæнджытæ,
Хуыцау кæмæй ферох,
æппæт уыцы адæмтæ.
19 Æнусмæ нæ уыдзæн
рохуаты мæгуыр лæг,
мæгуыр лæджы ныфс
мыггагмæ сæфт нæу.
20 Раст, Дунедарæг, уадз адæймаг
йæхи бæрзонд ма сæвæра,
адæмты æрлæууын кæн
Дæ тæрхоны раз.
21 Æвирхъау тас сыл бафтау, Дунедарæг;
уадз, зоной — адæмæй уæлдай
ницы сты.

22 О Дунедарæг! Цæмæн лæууыс дард,
фыд заманы
цæмæн бамбæхстай Дæхи?
23 Сæрбæрзондæй æнæхуыцау
мæгуыр лæджы фæдыл зилы —
йæ фыдвæндты азар йæхи баййафæд!
24 Фыдгæнæг æппæлы йæ монцтæй,
кæрæф адæймаг буц кæны йæхи,
Дунедарæджы та фауы.
25 Æнæхуыцау сæрбæрзондæй кæсы,
Дунедарæджы ницæмæ дары,
дзуапп дæттын мæ нæ бахъæудзæни,
Хуыцау нæй, зæгъгæ.
26 Йæ хъуыддæгты —
алкæддæр æнтыстджын,
дард у Дæ уынаффætæй,
æлгъ кæны йе 'ппæт знæгтыл.
27 Йæхинымæр зæгъы:
«Нæ фæцуддзынæн,
мыггагмæ фыдбылызæй
хызт уыдзынæн».
28 Йæ былалгъыл —
æрмæстдæр æлгъыст,
мæнгарддзинад æмæ сайд,
йе 'взагыл — бæллæх æмæ фыдбылыз.
29 Бабады фæскъуымты,
фæсвæдæй амары æнаххосы,
аивæй йæ амæттаджы хъахъхъæны.
30 Домбай йæ хуыккомы куыд бабада,
уыйау рæсæны фæбады,
цæмæй мæгуыр лæджы æрцахса;
фæлæбуры мæгуыр лæгмæ,
йæ ахсæн хыз ыл баппары.
31 Æрныгъуылы, æрæмбæхсы,
æмæ æнæбонтæ бахауынц
йæ дзæмбытæм.
32 Фæзæгъы йæхицæн:
«Ферох дæн Хуыцауæй!
Йæ цæсгом азылдта,
никуы мæ фендзæн».
33 Раст, Дунедарæг!
Сис Дæ къух, Хуыцау!
Æфхæрд адæмы ма ферох кæн.

**9:15** Ома Йерусалимы.

34 Фыдгæнæг цæмæн фауы Хуыцауы?
Афтæ йæм цæмæн кæсы,
цыма дзы дзуапп не 'рдомдзынæ?
35 Ды кæсыс, маст æмæ рыст уыныс —
Дæхи къухæй сын райсдзынæ сæ маст!
Дæуыл фæдзæхсы йæхи мæгуыр лæг,
йе 'ххуысгæнæг сидзæрæн Ды дæ!
36 Фыдгæнæг æмæ æнæхуыцауæн
йæ тых басæтт,
йæ кой дæр куыннæуал баззайа, афтæ.
37 Дунедарæг — мыггагмæйы паддзах;
муртаттæгтæ æрбайсæфдзысты
Йæ зæххæй.
38 Сæрныллæгты бæллицтæ зоныс,
Дунедарæг!
Сæ зæрдæтæ сын фæфидар кæн,
фехъус сæ,
39 цæмæй сидзæр æмæ æфхæрдæн
раст тæрхон уа,
цæмæй æфхæрджытæ
мауал уой зæххыл.

## 10

Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Давиды псалом.

Дунедарæгыл дарын мæ зæрдæ!
Куыд мын дзурут уæд:
«Хæхтæм атæх маргъау!»
2 Мæнæ фыдгæнджытæ
айвæзтой се 'рдын,
фат æрбавæрдтой æрдынбосыл —
талынджы рæстзæрдæты фехсынæн.
3 Алцыдæр йæ бындурæй
куы фехæлди,
уæд ма рæстуды бон цы у?

4 Дунедарæг — Йæ уаз Кувæндоны,
Дунедарæг — Йæ паддзахы бадæны
уæлæрвты!
Йæ цæст дары адæммæ,
фæлвары сæ Йæ цæстæнгас.
5 Дунедарæг рæстуды фæлвары;
æнæхуыцау, тыхмиуарзаг
æнæуынон сты Йæ удæн.
6 Уый фыдгæнджытыл
судзгæ 'взалытæ, сондон
æруарын кæндзæн къæвдайау,
судзгæ зилгæ уад — сæ хай.
7 Уымæн æмæ Дунедарæг раст у,
уарзы рæстдзинад;
рæстуд Ын фендзæни Йæ цæсгом.

## 11

Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн: хъисфæндырты цагъдимæ; ныллæг хъæлæсæй. Давиды псалом.

2 Дунедарæг, фервæзын мæ кæн,
уымæн æмæ раст адæймаг нал ис!
Адæмы 'хсæн никæуылуал ис æууæнк.
3 Иууылдæр сайынц кæрæдзи,
козбау ныхас, æфсоны дзырд кæнынц.
4 Дунедарæг фесафдзæн
алы козбау æвзаджы хицауы,
хиппæлой æвзаг акъуырдзæн.
5 Уадз æмæ афтæ ма хъуыды кæной:
«Мах дзурынмæ дæсны стæм.
Не 'взаг нæ бар у —
чи нын у хицау?»

6 «Мæгуыртæ удхар кæнынц,
æнæбонтæ дзыназынц, —
ныр Æз сæ фарс рахæцдзынæн,
йæ фæдыл кæмæн зилынц, уый
фервæзын кæндзынæн», —
зæгъы Дунедарæг.

7 Дунедарæджы ныхæстæ сыгъдæг сты,
куынцгомы кæй бахсыстæуыд
æмæ авд хатты
кæй батайын чындæуыд,
ахæм æвзистау.
8 Дунедарæг, Ды нæ хъахъхъæндзынæ,
ацы мыггагæй
нæ бахиздзынæ æнустæм.
9 Нæ алыварс æнæхуыцæуттæ зилынц,
уымæн æмæ скадджын сты
ницæйæгтæ.

## 12

Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Давиды псалом.

2 Дунедарæг, кæдмæ уыдзынæн
рох Дæуæй,
кæдмæ мæ 'мбæхсдзынæ Дæ цæсгом?
3 Æнæхъуаджы фæндтæ
кæдмæ кæндзынæн,
бон-сауизæрмæ
кæдмæ рисдзæн мæ зæрдæ?
Ме знаг мæм
уæлейæ дæлæмæ кæдмæ кæсдзæни?
4 Æркæс мæм, дзуапп мын ратт,
о Дунедарæг, мæ Хуыцау!
Рухс фенын кæн мæ цæстытæн,
цæмæй мæрдон фынæй ма бауон,
5 цæмæй ме знаг ма зæгъа:
«Фæуæлахиз ыл дæн».
Цæмæй фыдгултæ ма ныццин кæной,
мæнæйуый нал ис, зæгъгæ.
6 Дæ хорзæхыл мæ зæрдæ дарын,
куы мæ фервæзын кæнай,
уæд цин кæндзынæн.

Зардзынæн Дунедарæгыл, —
стыр хорзæх мын Чи ракодта, ууыл.

## 13 Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Давиды псалом.

Æнæзонд йæ мидзæрдæйы загъта:
«Хуыцау нæй!»
Фехæлдысты адæм,
æлгъаг митæ кæнынц,
хорз хъуыддаг аразæг нал ис.
2 Дунедарæг уæларвæй
фæлгæсы адæммæ,
кæсы: цымæ се 'хсæн,
Хуыцауы чи агуры,
иу ахæм æмбаргæ адæймаг ис?
3 Се 'ппæт дæр адзæгъæл сты,
се 'ппæт дæр фехæлдысты,
хорздзинад ничи кæны,
иунæг адæймаг дæр.
4 Ау, не 'рæмбардзысты фыдгæнджытæ,
мæ адæмы мын дзулы хæрд чи кæны
æмæ Дунедарæджы
чи нæ агуры, уыдон?
5 Фыр тæссæй риздзысты,
уымæн æмæ Хуыцау
рæстгæнджытимæ ис.
6 Сымах худтыстут мæгуырыл,
фæлæ йæ Дунедарæг хъахъхъæны.
7 Тæхуды æмæ Израилæн
ирвæзындзинад лæвæрд
куы 'рцæуид Сионæй!
Дунедарæг Йæ адæмы уацарæй
куы раздаха,
уæд ныццин кæндзæни Йаков,
уæд Израил фыр цинæй райдзæн!

## 14 Давиды псалом.

О Дунедарæг!
Кæмæн у йæ бон Дæ Цатыры,
Дæ уаз хохыл цæрын?
2 Сыгъдæгзæрдæйæ чи цæры,
йæ хъуыддæгтæ раст кæмæн сты,
рæстдзинад кæй зæрдæйæ рацæуы;
3 хахуыртæ чи нæ мысы,
йæ хæларæн фыдбылыз чи нæ аразы,
йæ хионы чи нæ фауы;
4 хъодыгонд æлгъаг кæмæн у,
фæлæ Дунедарæгæй чи тæрсы,
уыдонæн кад чи кæны;
кæд йæхицæн исты зиан æрхæсдзæн,
уæддæр йæ сомы чи нæ сайы;
5 йе 'взист пайдайыл æфстау
чи нæ дæтты,
æнаххосы ныхмæ гæртамы фæрцы
чи нæ рацæуы.
Афтæ чи кæны,
уый никуы фæцуддзæн.

## 15 Давиды зарæг.

Хъахъхъæн мæ, Дунедарæг,
уымæн æмæ Дæуыл дарын мæ зæрдæ!
2 Æз загътон Дунедарæгæн:
«Æрмæстдæр Ды — мæ Бардарæг,
мæ иунæг фарн Ды дæ!»
3 Зæххыл Дын чи ис,
Дæ уыцы диссаджы сыгъдæджытæм,
æз тырнын зæрдиагæй.
4 Æндæр хуыцæутты фæдыл чи цæуы,
уыдон мастæй цух ма уæнт.
Æз семæ туджы нывæндтæ
нæ хæсдзынæн,
ме 'взагыл сæ хуыцæутты нæмттæ
нæ уыдзысты.
5 Дунедарæг! Ды — мæ исбон,
мæ хъысмæт.
Дæ къухы ис мæ фидæн.
6 Мæнмæ æрхауди диссаджы арæнтæ,
æхцон мын у мæ исбон!
7 Арфæ ракæндзынæн Дунедарæгæн,
раст зондыл мæ чи æфтауы, Уымæн.
Йæ зондамынд мæ хъахъхъæны
æхсæв дæр!
8 Дунедарæг мæ цæстыты раз ис
æдзухдæр,
Уый мæ рахизфарс ис —
æз нæ фæцуддзынæн.
9 Райы мæ зæрдæ,
мæ былалгъыл — цин,
суанг мæ буар дæр
зæрдæдаргæйæ æрæнцайдзæн.
10 Уымæн æмæ Ды мæн
нæ ныууадздзынæ мæрдтыбæсты,
Дæ сыгъдæджы
нæ бауадздзынæ æмбийын.
11 Ды мын бацамыдтай
царды фæндæгтæ:
цинæфсæст уыдзынæн
Дæ цæсгомы раз,
Дæ рахиз къухы бын — æнусон амонд.

## 16 Давиды куывд.

Дунедарæг, мæ раст уд Де уазæг,
фехъус мын мæ дзыназын!
Мæ куывд мын айс —
сайгæ куы нæ кæны ме 'взаг!
2 Тæрхонгæнæг мын фæу,

Дæ цæстытæ
рæстдзинадмæ æркæсæнт.
3 Басгæрстай мын мæ зæрдæ,
æхсæвыгон мæ бафæлвæрдтай
æмæ мæм ницы ссардтай хæрамæй:
мæ хъуыдытæ нæ хицæн кæнынц
мæ ныхæстæй.
4 Адæмæн сæ бар сæхи у,
фæлæ æз Дæ дзырды сæрты
никуы ахызтæн,
мæхи хъахъхъæдтон
фыдгæнæджы фæндæгтæй.
5 Фидар къахдзæфтæй цæуын
Дæ фæндæгтыл,
Дæ фæдыл цæуын æмæ нæ цудын.
6 Дæумæ сидын, Хуыцау,
уымæн æмæ мын Ды дзуапп ратдзынæ.
Дæ хъус мæм æрдар,
фехъус мын мæ куывд!
7 Де стыр хорзæх ма бахæлæг кæн,
йæхи Дыл чи бафæдзæхста, уыдонæн,
Дæ рахиз къухæй сæ бахиз фыдгулæй.
8 Цæсты гагуыйау мæ хъахъхъæн,
Дæ базыры бын мæ бааууон кæн
9 æнæхуыцау лæбурджытæй,
чи мыл æрхъула кодта, уыцы знæгтæй.
10 Уыдон фыр нæрдæй
фæйнæрдæм тонынц,
схъæл ныхас кæнынц.
11 Мæ фæдыл зылдысты,
æмæ сæ къæппæджы бахаудтæн,
сæ цæстытæ мæм ныззынг кодтой —
хъуамæ мæ афæлдахой зæххыл.
12 Тугмондаг домбайау
гæппæввонгæй лæууынц,
мадæл домбайау мæ
се 'мбæхсæнæй хъахъхъæнынц.
13 Рахæц мæ сæрыл, Дунедарæг!
Сæ ныхмæ рацу,
Дæ кардæй сæ афæлдах,
æнæхуыцæуттæй мæ бахиз.
14 Дæхи къухæй мæ фервæзын кæн
ацы адæмæй, Дунедарæг,
Де 'вæрæнты бæркадæй
йедзаг кæмæн сты сæ гуыбынтæ,
æмæ ма дзы сæ цот
æмæ уыдоны цоты фаг дæр
кæмæн баззайдзæн.
15 Æз та — æназым —
фендзынæн Дæ цæсгом,
куы-иу райхъал уон, уæд
æфсæддзынæн Дæ фæлгонцæй.

**17** Зарæггæнджыты къорды разамонæ-
гæн. Дунедарæджы цагъар Давиды зарæг
Дунедарæгыл. Скодта йæ, Дунедарæг æй
йе 'ппæт фыдгултæ æмæ Саулæй куы фер-
вæзын кодта, уæд.

2 Уарзын Дæ, Дунедарæг,
Ды мæ хъару дæ!
3 Дунедарæг — мæ къæдзæх,
мæ фидар, мæ ирвæзынгæнæг!
Мæ Хуыцау — мæ айнæг къæдзæх,
мæ уарт,
мæ ирвæзæн хох, мæ фидар гæнах!
4 Æз кадджын Дунедарæгмæ
фæсиддзынæн
æмæ фервæздзынæн ме знæгтæй.
5 Æрбалвæстой мæ мæлæты рæхыстæ,
ныккалдысты мыл
фыдæхы гуылфæнтæ,
6 мæрдтыбæсты рæхыстæ мæ
æрбалхъывтой,
мæлæты къæппæг мын
мæ развæндаг æхгæны.
7 Мæ тыхстæй æз
Дунедарæгмæ скуывтон,
мæ Хуыцаумæ сдзынæзтон.
Йæ Кувæндонæй фехъуыста
мæ хъæлæс,
сыхъуысти Йæм мæ дзыназын.
8 Ныррызт æмæ нынкъуысти зæхх,
хæхтæ фенкъуыстысты сæ бындурæй,
ризæг сыл бахæцыд Йæ азарæй.
9 Фæздæг калди
Йæ фындзы хуынчъытæй,
Йæ комæй арт бырста,
зынджы стъæлфæнтæ калдысты
Йæ алыварс.
10 Арвы къæй æртасын кодта
æмæ æрхызти дæлæмæ,
Йæ къæхты бын — саудалынг.
11 Сбадти херувимтыл æмæ атахт,
Йæхи систа дымгæйы базыртыл.
12 Талынгæй Йæ алыварс
скодта æмбæрзæн,
саувадыг мигътæ
æртыхстысты Йæ алыварс.
13 Йе 'рттывдæй мигътæ
тахтысты Йæ разæй —
ихуард æмæ зынджы стъæлфæнтæ.
14 Дунедарæг ныннæрыди уæлæрвты,
Иууылбæрзонды хъæлæс
ныййазæлыд —
ихуард æмæ зынджы стъæлфæнтæ.
15 Суагъта Йæ фæттæ
æмæ ныххæлиу кодта фыдгулты,
арвæрттывдæй сæ лидзæг фæкодта.
16 Дæ масты раулæфтæй, Дунедарæг,

Дæ карз æртхъирæнæй,
байгом сты донгуырæнтæ,
зæххы бындуртæ разындысты.

17 Дунедарæг бæрзондæй
æруагъта Йæ къух
æмæ мæ фелвæста хуыдымæй;
18 фервæзын мæ кодта
цыфыддæр знагæй,
æнæуынон кæмæн уыдтæн
æмæ мæхицæй тыхджындæр чи уыди,
уыцы фыдгултæй.
19 Мæ фыдбылызы бон мыл
сæхи куы ныццавтой,
уæд ме 'нцой фæлæууыди Дунедарæг.
20 Ракодта мæ æдас ранмæ,
Йæ хорзæх мæ ис,
æмæ мæ фервæзын кодта.
21 Хæрзиуæг мын радта Дунедарæг
мæ рæстадмæ гæсгæ,
мæ къухты сыгъдæгдзинадмæ гæсгæ.
22 Уымæн æмæ æз цыдтæн
Йæ фæндæгтыл,
мæ Хуыцауыл
никуы сивтон мæ зæрдæ.
23 Йæ фæдзæхстытæ иууылдæр
мæ разы сты,
Йæ уагæвæрдты сæрты
никуы ахызтæн.
24 Йæ разы уыдтæн æнæкъæм,
мæхи хызтон тæригъæд ракæнынæй.
25 Хæрзиуæг мын радта Дунедарæг
мæ рæстадмæ гæсгæ,
Йæ разы сыгъдæг кæй дæн,
уымæ гæсгæ!

26 Иузæрдионыл Ды иузæрдион дæ,
æнæкъæм чи у,
уыимæ — зæрдæхæлар;
27 æнæхин адæймагæн бафидыс
йæ сыгъдæгдзинадмæ гæсгæ,
мæнгардæн та —
йæ мæнгарддзинадмæ гæсгæ.
28 Ды æфхæрд адæмы фервæзын кæныс,
сæрбæрзонды æгады бынатмæ
'руадзыс.
29 Ды мæнæн ссудзыс мæ цырагъ;
Дунедарæг мын рухсæй
раивдзæни мæ талынг.
30 Æз Де 'ххуысы фæрцы
басæттын ме знæгты,
мæ Хуыцауимæ схизын
æнæбасæттæ сисмæ.
31 Хуыцауы фæндаг
æнæфау æмæ раст у,
Йæ ныхас — сыгъдæг;
йæ зæрдæ Йыл чидæриддæр дары,
уыдонæн Уый уарт у.
32 Уымæн æмæ Дунедарæджы йеддæмæ
кæм ис æндæр Хуыцау?
Æмæ нæ Хуыцауы йеддæмæ
ныфсы къæдзæх чи у?
33 Хуыцау мын ратты хъару,
сраст мын кæны мæ фæндаг;
34 саджы цæрдæгдзинад
ратты мæ къæхтæн,
бæрзæндтыл мæ
æрлæууын кæны фидарæй.
35 Мæ къухтæ мын сфæлтæрдта тохы,
æрхуы æрдын тасы мæ армы.

36 Ды радтай мæнæн
Дæ ирвæзындзинады уарт,
Дæ хорзæх мæ сисы бæрзонд.
37 Фидар у мæ къахайст Дæ фæрцы,
нæ цуды мæ къах.
38 Æз мæ фыдгулты айсын мæ разæй,
цалынмæ сæ нæ ныццæгъдын,
уæдмæ фæстæмæ нæ раздæхын.
39 Ныддæрæн сæ кæнын,
æмæ сæ бон сыстын дæр нал вæййы,
мæ къæхты бынмæ æрхауынц.
40 Ды мæнæн тох кæнынæн хъару раттыс,
ме знæгты мын
мæ къæхты бынмæ æрæппарыс.
41 Лидзæг сæ фæкодтай мæ разæй
æмæ æз ныццагътон
ме сæфтмæ бæлджыты.
42 Уыдон æххуысагур дзыназынц,
фæлæ сын ирвæзынгæнæг нæй;
Дунедарæгмæ хъæрахст кæнынц,
фæлæ сын Уый дзуапп нæ дætты.
43 Зæххы рыгау сæ
дымгæмæ ныддардтон,
уынгты цъыфау сæ
мæ къæхты бын бассæстон.
44 Ды мæ бахызтай
дзыллæйы змæстытæй,
адæмты сæргъы мæ сæвæрдтай
æмæ, зонгæ дæр кæй нæ кодтон,
уыдон дæр мын лæггад кæнынц ныр.
45 Æндæрбæстæгтæ козбау митæ
кæнынц мæ разы,
æрмæст мæ койæ дæр басæттынц,
46 зыр-зыргæнгæ се 'мбæхсæнтæй
рахилынц.
47 Цардæгас у Дунедарæг,
арфæгонд у мæ ныфсы къæдзæх!
Кадджын уæд Хуыцау —
мæ ирвæзынгæнæг!

48 Хуыцау — мӕ мастисӕг,
адӕмты мын бакодта мӕ дӕлбар.
49 Ды мӕ фервӕзын кодтай ме знӕгтӕй,
Дӕ фӕндонӕй
фӕуӕлахиз дӕн фыдгултыл,
фыдлӕгтӕй фервӕзтӕн Дӕ фӕрцы.
50 Адӕмты 'хсӕн Дӕ стаудзынӕн,
Дунедарӕг,
скадджын кӕндзынӕн Дӕ ном!
51 Ды паддзахӕн
стыр уӕлахизтӕ дӕттыс
ӕмӕ мыггагмӕ аудыс
Де 'взӕрст Давидыл
ӕмӕ йӕ байзӕддӕгтыл.

**18** Зарӕггӕнджыты къорды разамонӕгӕн. Давиды псалом.

2 Уӕлӕрвтӕ Хуыцауы кадыл дзурынц,
арвы къӕй ӕвдисӕн у
Йӕ хъуыддӕгтӕн!
3 Бон бонӕн ныхас ӕрвиты,
ӕхсӕв ӕхсӕвӕн раргом кӕны
зонындзинад.
4 Иу дзырд, иу ныхас,
иунӕг мыр нӕ хъуысы,
5 афтӕмӕй ӕппӕт зӕххыл
азӕлы сӕ хъӕлӕс,
дунейы иу кӕронӕй иннӕмӕ
айхъуысти сӕ ныхас.
Уый хурӕн цатыр
сӕвӕрдта уӕлӕрвты,
6 ӕмӕ рахизы уырдыгӕй, райгӕйӕ,
раст цыма ногусджын — йӕ уатӕй;
дугъы ауайы ӕхсызгонӕй.
7 Арвы иу кӕронӕй райдайы
йӕ фӕндаг,
абалц кӕны иу кӕронӕй иннӕмӕ,
ӕмӕ нӕй бамбӕхсӕн йӕ тӕвдӕй.

8 Дунедарӕджы Ӕгъдау
алцӕмӕй дӕр ӕххӕст
ӕмӕ царддӕттӕг у.
Йӕ уагӕвӕрдтӕ раст сты,
ӕнӕхинӕн уӕлзонд дӕттынц.
9 Дунедарӕджы амындтытӕ рӕстаг сты,
зӕрдӕ сӕ райы.
Йӕ фӕдзӕхстытӕ рухс сты —
байгом кӕнынц цӕстытӕ.
10 Хуыцауы тас — сыгъдӕг,
нӕ фесӕфдзӕни мыггагмӕ.
Дунедарӕгӕн йӕ тӕрхӕттӕ — ӕцӕг,
иуусылдӕр рӕстаг сты.
11 Зӕрдӕйӕн ӕхцондӕр сты
сыгъзӕринӕй,
суанг ӕнӕнымӕц
сыгъдӕг сыгъзӕринӕй,
адджындӕр сты мыдӕй
ӕмӕ мыды фӕзгъӕртӕй.
12 Мӕн, Дӕ цагъары,
хъахъхъӕнынц уыдон,
се 'ххӕст кӕнын —
ме стырдӕр хӕрзиуӕг.

13 Чи уыны йӕ рӕдыдтытӕ?
Ӕнӕзонгӕйӕ цы тӕригъӕдтӕ
ракодтон,
уыдонӕй мӕ ссыгъдӕг кӕн!
14 Барвӕндӕй кӕй ракӕнӕн ис,
уыдонӕй дӕр бахиз Дӕ цагъары,
цӕмӕй мыл ма фӕуӕлахиз уой.
Уӕд ӕз баззайдзынӕн сыгъдӕгӕй,
стыр тӕригъӕд мӕхимӕ
нӕ райсдзынӕн.
15 Мӕ дзыхӕй рацӕугӕ ныхӕстӕ,
мӕ зӕрдӕйы сагъӕстӕ,
ӕхсызгон уӕнт Дӕуӕн, Дунедарӕг!
Ды — мӕ къӕдзӕх,
мӕ ирвӕзынгӕнӕг.

**19** Зарӕггӕнджыты къорды разамонӕгӕн. Давиды псалом.

2 Дӕ хъыджы заман дӕ
Дунедарӕг фехъусӕд,
Йаковы Хуыцауы ном дӕ
хъахъхъӕнӕд!
3 Йе 'ххуысы хай дын рарвитӕд
Йӕ Кувӕндонӕй,
хъару — Сионы хохӕй!
4 Де 'ппӕт хуынтӕ дын ӕрымысӕд,
дӕ иууылсудзинӕгтӕ дын айсӕд.
5 Дӕ зӕрдӕ цӕмӕ бӕллы,
уыдон дын Йӕ цӕст бауарзӕд!
Де 'ппӕт фӕндтӕ
дӕ къухы цы бафтой,
уыцы ахъаз дын бакӕнӕд!
6 Махӕн та ахӕм арфӕ ракӕнӕд,
ӕмӕ дын дӕ уӕлахизыл
цин куыд кӕнӕм,
нӕ Хуыцауы номыл
бӕрзонд куыд сисӕм
уӕлахизы тырыса!
Дӕуӕн та Дунедарӕг
дӕ курдиӕттӕ иууылдӕр
сӕххӕст кӕнӕд!

7 Ныр ӕз зонын,
Дунедарӕг Йӕ байсӕрст паддзахы
кӕй ирвӕзын кӕны.

Йæ уаз уæлæрвтæй йын
фехъусы йæ сидт,
Йæ рахиз къухы хъомысæй йын
ратты уæлахиз.
8 Чи йæ тохуæрдæттæй æппæлы,
чи — йæ бæхтæй,
мах та стауæм Дунедарæджы,
нæ Хуыцауы, ном.
9 Уыдон фæцудыдтой
æмæ æрхаудысты,
мах та сыстадыстæм
æмæ фидар лæууæм.
10 О Дунедарæг,
ратт уæлахиз паддзахæн!
Фæдисхъæр Дæм куы ныккæнæм,
уæд-иу нæ фехъус!

## 20 Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Давиды псалом.

2 О Дунедарæг! Дæ хъаруйыл
цин кæны паддзах,
йæ зæрдæ райы
Дæ ирвæзындзинадæй!
3 Цæмæ бæллыд, уый йын радтай,
йæ курдиатыл нæ атигъ кодтай Дæхи.
4 Схайджын æй кодтай
Дæ бирæ арфæтæй,
йæ сæрыл ын
сыгъзæрин кады худ æркодтай.
5 Уый Дæуæй куырдта цард,
æмæ йын Ды
бирæ цæрæнбон радтай æнусмæ.
6 Дæ ирвæзындзинад ын
æрхаста намыс,
бæрзонд æй систай,
æмæ æрттивы йæ ном.
7 Арфæгонд у Дæуæй æнусмæ,
Дæ цæсгомы рухсæй райы йæ зæрдæ.
8 Дунедарæг паддзахæн йæ ныфс у,
Бæрзæндтыл Бадæджы хорзæх æй ис,
æмæ нæ фæцуддзæн.

9 Дæ къухæй нæ аирвæздзысты
Де знæгтæ,
Дæ рахиз къух баххæсдзæни,
æнæуынон кæмæн Дæ, уыдонмæ.
10 Дæ азары заман сæ Ды
судзгæ пец фестын кæндзынæ.
Дунедарæджы маст сæ фесафдзæн,
арты хай бауыдзысты.
11 Ды сын зæххы цъарæй
фесафдзынæ сæ байзæддаджы,
мыггагыскъуыд сæ фæкæндзынæ
адæмы ’хсæн.
12 Уыдон Дæ ныхмæ
аразынц фыдвæндтæ,
фæлæ ницы рауайдзæн
сæ сау фæндтæй.
13 Ды сæм ныхъхъавдзынæ Дæ фатæй,
æмæ лидзæг фæуыдзысты.
14 О Дунедарæг,
Де стыр хъомыс сæм равдис!
Мах зардзыстæм
æмæ кад кæндзыстæм Дæ хъомысæн!

## 21 Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Сæуæхсид»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды псалом.

2 Мæ Хуыцау! Мæ Хуыцау!
Цæмæн мæ ныууагътай?
Куыд дард дæ мænæй,
куыннæ мæ фервæзын кæныс,
куыннæ Дæм хъуысы мæ дзыназын?
3 Мæ Хуыцау,
хъæрахст Дæм кæнын бонæй,
фæлæ мæ нæ хъусыс;
æхсæв дæр æрдиаг кæнын,
фæлæ мæ сабыргæнæг нæй.
4 Уаз дæ Ды,
Израилы кады зарджыты астæу
Дæ паддзахы бадæны бадыс.
5 Нæ фыдæлтæ
сæ зæрдæ дардтой Дæуыл,
æмæ-иу сæ Ды бахызтай бæллæхæй.
6 Дæумæ-иу дзынæзтой
æмæ-иу фервæзтысты,
сæхи дыл фæдзæхстой
æмæ никуы фæфыдæнхъæл сты.
7 Æз та цыма адæймаг нæ,
фæлæ уаллон дæн:
адæмæн — фидиссаг,
дзыллæйæн — æлгъаг.
8 Чи мæ уыны, уыдон мыл худынц,
сæ сæртæ банкъусынц,
бахудынц былысчъилæй:
9 «Дунедарæгыл дардта йæ зæрдæ —
фервæзын æй кæнæд ныр!
Кæд Ын афтæ адджын у,
уæд æй Уый бахизæд!»
10 Ды мæ райстай мæ мады гуыбынæй,
хъахъхъæдтай мæ,
хъæбысы ма куы уыдтæн, уæд.
11 Мæ райгуырынæй
Дæуыл фæдзæхст дæн,
мады гуыбыны ма куы уыдтæн,
уæдæй фæстæмæ Ды мæ Хуыцау дæ.
12 Ма адард у мæнæй, —
мæ хъизæмары бон æрæввахс,

æххуысгæнæг та нæй.
13 Галты рæгъау æртыхсти мæ алыварс,
Башаны хæрзхаст галтæ мыл
æрхъула кодтой.
14 Ныххæлиу мæм кодтой сæ дзыхтæ,
йæ амæттаджы аскъуыдтæ кæнынмæ
цæттæ æмæ рыхæг домбайау.
15 Чи æркалди,
уыцы донæй уæлдай нал дæн,
ме стджытæ кæрæдзиуыл нал хæцынц,
мæ зæрдæ мыдадзау батади мæ риуы.
16 Хус æлыгау баруади мæ хъару,
ме 'взаг мæ комарынгыл баныхæст, —
мæрдон сыджыты мæ нывæрдтай Ды.
17 Æрхъула мыл кодтой куыйтæ,
знæт æрдонг мæ алыварс æртыхсти,
ныррæхуыстой мын
мæ къæхтæ æмæ мæ къухтæ.
18 Царм æмæ стджытæ фестадтæн.
Уыдон та мæм кæсынц
æмæ мыл сæхи ирхæфсынц.
19 Мæ дарæс мын се 'хсæн уарынц,
мæ уæлæдарæсыл хæлттæ 'ппарынц.

20 О Дунедарæг, ма адард у мæнæй!
Ды — мæ хъару,
æххуысмæ мæм фæтагъд кæн!
21 Мæ уд мын бахиз кардæй,
мæ цард мын бахъахъхъæн куыйтæй.
22 Домбайы комæй,
хъæддаг галты сыкъатæй мæ
фервæзын кæн!
23 Æз Дын Дæ ном
фехъусын кæндзынæн
ме 'фсымæртæн,
Дæуæй æппæлдзынæн адæмы 'хсæн:
24 «Дунедарæгæй чи тæрсы, уыдон,
скад Ын кæнут!
Сыстаут Æй, Йаковы фæдонтæ!
Аргъуыц кæнут Йæ разы,
Израилы байзæддæгтæ, —
25 Уый æнæвввæрсон нæ уыди мæгуырыл,
æлгъгæнгæ нæ касти
æфхæрд адæймаджы хъизæмармæ,
Йæхи йыл нæ атигъ кодта;
Йæ цæсгом дзы нæ бамбæхста;
æххуысмæ Йæм куы дзынæзта,
уæд æй фехъуыста».

26 Стыр æмбырды
æппæлдзынæн Дæуæй,
чи Дæ тæрсы, уыдоны раз
сæххæст кæндзынæн мæ сомытæ.
27 Мæгуыртæ хæрдзысты
æмæ бафсæддзысты;
Дунедарæджы чи агуры,
уыдон Æй скадджын кæндзысты!
Цардæгас уæнт уæ зæрдæтæ æнустæм!
28 Æрымысдзысты Дунедарæджы
æмæ Йæм раздæхдзысты
зæххы алы кæрæттæй;
Дæ разы æрзоныг кæндзысты
муртаттæгты æппæт знæмтæ,
29 уымæн æмæ паддзахы бартæ
Дунедарæджы къухы сты,
адæмтыл Йæ бар цæуы.
30 Хæрдзысты æмæ Йын кад кæндзысты
æппæт зæххы
цардæфсæст бонджынтæ;
æрзоныг кæндзысты Йæ разы,
сыджытмæ чи цæуы,
йæ удыл хæцыны хъару кæмæ нæй,
уыдон се 'ппæт дæр.
31 Фæстагæттæ йын лæггад кæндзысты
æмæ Дунедарæджы адæмы ном
хæсдзысты мыггагмæ.
32 Дунемæ чи фæзына,
уыцы адæмæн ракæндзысты
Йæ рæстады, Йæ хъуыддæгты кой.

## 22 Давиды псалом.

Дунедарæг — мæ Фыййау,
æз ницы цух уыдзынæн:
2 Хизы мæ сойджын сæрвæтты,
хоны мæ сабыр цæугæдæттæм.
3 Фæфидар мын кæны мæ уд,
раст фæндагыл мæ аразы
Йæ номы сæраппонд.
4 Мæлæты талынг дæлвæзы куы цæуон,
уæд дæр нæ фæтæрсдзынæн
фыдбылызæй,
уымæн æмæ Ды мемæ дæ;
Дæ фыййаулæдзæг мæ басабыр кæны.
5 Ме знæгтæн сæ цæстыты раз мын
фынг æрæвæрдтай,
мæ сæр мын
оливæйы сойæ байсæрстай:
мæ кæхц кæлы йæ былтæй.
6 Цалынмæ удæгас дæн,
уæдмæ Дæ фарн
æмæ Дæ хорзæх мемæ уæнт,
æмæ уæд бирæ бонтæ арвитдзынæн
Дунедарæджы хæдзары.

## 23 Давиды псалом.

Зæхх æмæ йыл
цыдæриддæр ис, уыдон,
дун-дуне æнæхъæнæй

æмæ йе ’ппæт цæрджытæ
Дунедарæджы исбон сты.
2 Денджызты сæрмæ æрæвæрдта зæхх,
дæтты сæрмæ йæ ’рфидар кодта.
3 Дунедарæджы хохмæ чи ссæудзæн,
чи æрлæудзæн Йæ уаз цæрæны?
4 Йæ къухтæ æнаххос,
йæ зæрдæ сыгъдæг кæмæн у,
мæнг хуыцæуттыл
йæ зæрдæ чи нæ дардта
æмæ мæнг ард чи нæ хордта.
5 Ахæм адæймаг райсдзæни
Дунедарæджы,
йæ Ирвæзынгæнæджы,
арфæ æмæ хорзæх.
6 Йаковы Хуыцау!
Ахæм у, Дæу чи агуры
æмæ Дæ разы æрлæууын кæй фæнды
уыцы адæмы хъысмæт.

7 Байгом у, кулдуар,
байгом ут, æнусон дуæрттæ,
уадз æмæ кадджын Паддзах бацæуа!
8 Ацы кадджын Паддзах чи у?
Уый Дунедарæг у,
фидар æмæ тыхджын,
тохы та — хъомысджын.
9 Байгом у, кулдуар,
байгом ут, æнусон дуæрттæ,
уадз æмæ кадджын Паддзах бацæуа!
10 Ацы кадджын Паддзах чи у?
Уый у Уæларвæфсады Бардарæг,
Уый у кадджын Паддзах.

**24** Давиды псалом.

Дунедарæг, Дæуыл фæдзæхсын мæхи.
2 Мæ Хуыцау!
Дæуыл дарын мæ зæрдæ,
уадз æмæ ма фæхудинаг уон,
ма мыл фæуæлахиз уой ме знæгтæ.
3 Дæуыл йæ зæрдæ чи дары,
уыдон нæ фæхудинаг уыдзысты;
гадзрахатæй чи цæуы, уыдон
æгады бынаты баззайдзысты.
4 Бацамон мын Дæ фæндæгтæ,
сахуыр мæ кæн Дæ цæуæнтыл.
5 Сараз мæ Дæ раст фæндагыл
æмæ мæ сахуыр кæн,
уымæн æмæ Ды дæ,
ирвæзындзинад мын Чи радта,
уыцы Хуыцау, æмæ æрвылбон
мæ зæрдæ дарын Дæуыл.
6 Æрхъуыды-ма кæн Дæ хорзæхтæ,
Де ’нусон хæлардзинад.
7 Ме ’взонг бонты тæригъæдтæ мын
ма мыс,
æрымыс мæ Дæ хорзæхмæ гæсгæ —
Дæ уарзты сæраппонд, Дунедарæг.

8 Дунедарæг уарзæгой æмæ рæстаг у,
тæригъæдджынты раст фæндагыл
аразы,
9 мæгуырты раст фæндагмæ здахы,
Йæ фæндæгтыл цæуын сæ
ахуыр кæны.
10 Дунедарæджы цæуæнтæ —
уырнындзинад æмæ рæстдзинад,
Йæ фидыд æмæ
Йæ фæдзæхстытыл Ын
фидар чи хæцы, уыдонæн.
11 Дунедарæг, Дæ номы сæраппонд мын
мæ тæригъæд ныббар,
кæд цыфæнды стыр у, уæддæр!
12 Хуыцау, чи Дзы тæрсы,
уыцы адæймагæн бацамондзæн,
цавæр фæндаг æй
равзарын хъæуы, уый.
13 Амондджынæй цæрдзæн,
йæ байзæддæгтæ
зæхх исбонæн райсдзысты.
14 Дунедарæгæй чи тæрсы,
уыдонæн раргом кæны сусæгдзинад,
Йæ фидыд сын фехъусын кæны.
15 Æдзух мæ цæстæнгас
Дунедарæгмæ арæзт у —
мæ къæхтæ мын Уый
феуæгъд кæны къæппæгæй.
16 Æркæс мæм, ныххатыр мын кæн —
æз иунæг æмæ ссæст дæн.
17 Мæ хъизæмæрттæй мæ
фервæзын кæн,
уынгæг ранæй мæ ракæн.
18 Æркæс-ма мын мæ хъизæмармæ,
мæ удхармæ,
ныххатыр мын кæн мæ тæригъæдтæ.
19 Æркæс-ма, цас знæгтæ мын ис,
куыд æнæуынон сын дæн, уымæ.
20 Мæ цард мын бахъахъхъæн,
фервæзын мæ кæн,
уадз æмæ, мæ зæрдæ
Дæуыл кæй дардтон,
уый тыххæй къæмдзæстыгæй
ма баззайон.
21 Дæ рæстдзинад,
Дæ сыгъдæгдзинад мæ хъахъхъæнæд,
уымæн æмæ мæ зæрдæ Дæуыл дарын.
22 Хуыцау, Израилы
йе ’ппæт фыдбылызтæй
фервæзын кæн.

**25** Давиды псалом.

О Дунедарæг,
раст тæрхон мын рахæсс, —
мæ цардвæндаг æнæкъæм уыди
Дæ разы.
Æз Дунедарæгыл дарын мæ зæрдæ
æмæ никуы фæцуддзынæн.
2 О Дунедарæг, бафæлвар мæ,
мæ зæрдæйы сусæгтæ мын басгар!
3 Дæ хорзæх
мæ цæстыты раз ис æдзухдæр,
æмæ цæрын Де 'цæгадмæ гæсгæ.
4 Æз сайæгойтимæ
æмдзæхдон никуы уыдзынæн,
мæнгæрдтимæ иу фæндагыл
нæ ацæудзынæн.
5 Æнæуынон мын у
фыдгæнджыты æмбырд,
æнæхуыцау адæмимæ
не 'рбаддзынæн.
6 Æназымы нысанæн-иу
æрæхсдзынæн мæ къухтæ,
Дæ нывондхæссæны алыварс-иу
æрзилдзынæн, о Дунедарæг.
7 Стаудзынæн дæ хъæрæй,
Дæ диссаджы хабæрттыл Дын
дзурдзынæн.
8 О Дунедарæг!
Æз бауарзтон Дæ хæдзар,
Дæ кады цæрæн!
9 Ма мæ фесаф тæригъæдджынтимæ,
тугмондаг чи у, уыдонимæ!
10 Сæ къухтæ сты
фыдракæндтæм æмхиц,
сæ рахиз къухтæ —
йемыдзаг гæртæмттæй.
11 Æз та дæн æнæкъæм, —
батæригъæд мын кæн,
фыдбылызæй мæ бахиз!
12 Раст фæндагыл слæууыдысты
мæ къæхтæ,
æмбырдты Дунедарæджы
стаудзынæн!

**26** Давиды псалом.

Дунедарæг — мæ царды рухс,
мæ ирвæзынгæнæг:
кæмæй мын у тас?
Дунедарæг — мæ царды мæсыг:
кæй тæссæй хъуамæ нырризон?
2 Фыдгæнджытæ мæ ныхмæ
куы рацæуой
мæ буар мын аныхъуырын мондагæй,
мæ фыдгултæ, ме знæгтæ мæм
куы лæбурой,
уæд фæкæлдзысты æмæ 'рхаудзысты.
3 Æнæхъæн æфсад
куы 'рлæууа мæ ныхмæ,
уæд дæр нæ фæтæрсдзынæн.
Хæст куы райдайа,
уæд дæр мæ ныфс нæ асæтдзæн.
4 Æрмæстдæр иу хорзæх
Дунедарæгæй курын,
иунæг фæндон мæм ис:
мæ царды бонтæ куы арвитин
Дунедарæджы хæдзары,
цæмæй Дунедарæджы
рæсугъддзинад уынон,
Йæ рухс Кувæндонмæ Йын цæуон.
5 Дунедарæг мæ бæллæхы заман
бамбæхсдзæни Йæ цæрæны,
бааууон кæндзæни Йæ Цатыры,
сисдзæни мæ къæдзæхы сæрмæ.
6 Уæд æз фæуæлахиз уыдзынæн,
чи мыл æртыхсти, уыцы фыдгултыл
æмæ Дунедарæджы Цатыры
æрхæсдзынæн нывæндтæ,
стаудзынæн Æй,
зардзынæн Йæ кадæн.

7 О Дунедарæг,
фехъус мын мæ дзыназын,
батæригъæд кæн, дзуапп мын ратт!
8 Мæ зæрдыл æдзухдæр
лæууы Дæ фæдзæхст:
«Ме ссарынмæ тырнут!»
Æмæ æз æдзухдæр тырнын Дæумæ,
о Дунедарæг!
9 Де 'ргом мæ ма аздах!
Фыдæхы хæрам ма фæу дæ цагъармæ.
Ды уыдтæ ме 'ххуысгæнæг
æмæ мыл ныр дæр
Дæхи ма атигъ кæн,
ма мæ ныууадз,
о Хуыцау, мæ Ирвæзынгæнæг!
10 Мæ фыд æмæ мæ мад мæ ныууагътой,
фæлæ мæ Ды, Дунедарæг,
Дæхимæ 'рбахæстæг кæндзынæ.
11 О Дунедарæг,
сахуыр мæ кæн Дæ фæндагыл цæуын!
Раст фæндагыл мæ сараз —
мæ фыдгулты фыдæнæн!
12 Ме знæгты аматтаг мæ ма фæкæн!
Мæнгæвдисæнтæ ралæууыдысты
мæ ныхмæ,
фыр мæстæй цъæх арт уадзынц.
13 Фæлæ мæн уырны,
уæлæуыл ма кæй цæрдзынæн,

Дунедарæджы хорзæх ма кæй
фендзынæн.

14 Дунедарæгыл дæ зæрдæ дар!
Фидар лæуу, æмæ
дæ зæрдæ мацæмæ ’хсайæд!
Дунедарæгыл дæ зæрдæ дар!

**27** Давиды псалом.

Дæумæ дзыназын, Дунедарæг,
мæ Къæдзæх!
Ӕнæ дзуаппæй мæ ма ныууадз!
Ды æдзæмæй куы баззайай,
уæд мыл мæрдон хуыз бафтдзæни.
2 Куы Дæм дзыназон,
мæ къухтæ-иу Дæ рухс Кувæндонмæ
куы сивазон,
уæд-иу мын айс мæ куывд!
3 Ма мæ фесаф æнæхуыцæуттимæ,
фыдбылызтæ чи аразы,
йæ хионимæ хæларæй чи дзуры,
йæхимидæг та фыдвæндтæ чи тауы,
уыдонимæ.
4 Сæ хъуыддæгтæм æмæ сæ фыдмитæм
гæсгæ сын бафид;
сæ къухтæй цы митæ фæкодтой,
цæй аккаг сты, уый сын ратт.
5 Уымæн æмæ Дунедарæджы
архайдмæ,
Йе ’рмдзæфмæ сæ хъус нæ дарынц.
Уый сæ ныззыгуым кæндзæн,
сæхиуыл схæцын сæ нал бауадздзæн.
6 Арфæгонд у Дунедарæг —
Уый мын фехъуыста мæ куывд.
7 Дунедарæг — мæ хъару, мæ уарт;
мæ зæрдæ дардтон Уыыл,
æмæ мын баххуыс кодта.
Райы мæ зæрдæ фыр цинæй,
мæ зарæгæй Йæ
скадджын кæндзынæн.
8 Дунедарæг Йæ адæмæн — сæ хъару,
Йæ ’взæрстæн — йæ ныфсы мæсыг,
йæ ирвæзынæнæг.
9 О Хуыцау, ферваезын кæн Дæ адæмы,
арфæ ракæн Дæ исбонæн,
хиз æмæ сæ хъахъхъæн мыггагмæ.

**28** Давиды псалом.

Скад кæнут Дунедарæгæн,
Хуыцауы фырттæ,
Дунедарæджы кад æмæ хъомыс
сыстаут!
2 Скад кæнут Дунедарæджы номæн,
Дунедарæгæн бакувут
Йæ диссаджы рæсугъд Кувæндоны!
3 Дунедарæджы хъæлæс
денджызты сæрмæ ныййазæлыд,
цытджын Хуыцау ныннæрыди,
Дунедарæджы хъæлæс
бæстæ ныццарыдта
дæтты сæрмæ.
4 Дунедарæджы хъæлæс —
хъомысджын,
Дунедарæджы хъæлæс — стыр диссаг.
5 Дунедарæджы хъæлæс кедртæ акалы,
ливайнаг кедртæ
афæлдахы Дунедарæг.
6 Ливаны хæхтæ фесхъиуынц уæныгау,
Сирионы хæхтæ —
æвзонг дзæбидыртау.
7 Дунедарæджы хъæлæс
арты цæхæртæ рацæгъды.
8 Дунедарæджы хъæлæсæй
æдзæрæг быдыр нынкъуысыд,
сæнкъуысти æдзæрæг быдыр Кадеш.
9 Дунедарæджы хъæлæсæй
тулдз бæлæстæ æртасынц,
сбæгънæг вæййынц хъæдтæ;
Йæ Кувæндонæй хъуысы:
«Кад Дын уæд!»
10 Дунедарæг доны хъаймæты заман
Йæ паддзахы бадæны бадти,
Дунедарæг æнусмæ дæр
Йæ паддзахы бадæны баддзæнис.
11 Дунедарæг ратдзæни тых Йæ адæмæн,
Дунедарæг Йæ адæмæн
фарн балæвар кæндзæн.

**29** Давиды псалом. Зарæг Кувæндон срухс
кæныны бон.

2 Стауын Дæ, Дунедарæг —
ингæнæй мæ сластай,
ме знæгты мыл
уæлахиз кæнын нæ бауагътай.
3 Дунедарæг, мæ Хуыцау!
Скуывтон Дæм,
æмæ мæ сдзæбæх кодтай.
4 Мæ уд мын ракодтай мæрдтыбæстæй,
райгас мæ кодтай,
ингæнмæ куыннæ ныххизон, афтæ.

5 Зарут Дунедарæгæн,
Йæ иузæрдионтæ,
сыстаут Ын Йæ уаз ном,
6 уымæн æмæ иу уысм ахæссы Йæ маст,
Йæ хорзæх та — цæрæнбонты.
Изæрыгон райхъуысы кæуын,

райсомæй та циндзинад фæзыны.

7 Æнæматæй куы царджтæн,
уæд дзырдтон:
«Æз никуы фæкæлдзынæн».
8 Дунедарæг,
Дæ хæрзаудæн мыл æмбæлди,
æмæ мæ Ды сфидар кодтай хохау.
Фæлæ мæ ныр Де 'ргом аздæхтай,
æмæ мыл катай бахæцыд.
9 Дзынæзтон Дæм, о Дунедарæг,
лæгъстæ кодтон мæ Дунедарæгæн:
10 «Цы пайда ис мæ мæлæтæй,
ингæнмæ кæй бацæудзынæн, уымæй?
Зæххы рыг Дын скад кæндзæни?
Дæ иузæрдионы кой ракæндзæни?
11 Дунедарæг, фехъус мæ, ныббар мын!
Баххуыс мын кæн, Дунедарæг!»
12 Æмæ мын Ды мæ хъыг раивтай цинæй,
мæ сæхъис мын раластай
æмæ мыл бæрæгбоны дарæс скодтай.
13 Æнæрæнцойæ Дæ стаудзæни
мæ зæрдæ.
Дунедарæг, мæ Хуыцау,
Стаудзынæн Дæ æнусмæ.

**30** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Давиды псалом.

2 Дунедарæг,
Дæуыл фæдзæхсын мæхи —
нæ фæхудинаг уыдзынæн мыггагмæ!
Равдис Дæ рæстдзинад,
фервæзын мæ кæн!
3 Дæ хъус мæм æрдар
æмæ мæм æхххуысмæ фæтагъд кæн.
Фест мæ къæдзæх,
мæ хъахъхъæнæг мæсыг,
мæ ирвæзынгæнæг.
4 Ды — мæ къæдзæх, мæ фидар гæнах,
размæ мæ кæн Дæ номы сæраппонд,
раст фæндагыл мæ сараз.
5 Сусæгæй мын мæ размæ
ахсæн хыз сæвæрдтой —
фервæзын мæ кæн!
Ды — мæ фидар мæсыг.
6 Дæ къухмæ Дын дæттын мæ уд.
О Дунедарæг, иузæрдион Хуыцау,
фервæзын мæ кæн!
7 Мæнгхуыцæуттæм кувджытæ мын
сты æнæуынон,
æз Дунедарæгыл дарын мæ зæрдæ.
8 Цин кæндзынæн Дæ хорзæхыл,
уымæн æмæ мын Ды
æркастæ мæ бæллæхмæ,
базыдтай мын мæ зындзинад.
9 Знаджы къухтæм мæ нæ радтай,
слæууын мæ кодтай мæ къæхтыл
уынгæг ранæй мæ ракодтай.
10 Батæригъæд мын кæн, Дунедарæг —
уынгæджы бон мыл акодта,
фыр хъизæмарæй
мæ цæстытæ дудынц,
судзынц мæ уд æмæ мæ буар.
11 Фыр удхарæй баруадтæн,
мæ азтæ дзыназгæйæ æрвитын,
мæ тæригъæдтæй басасти мæ хъару,
бахус сты ме стджытæ.
12 Ме знæгтæ мæ хынджылæг кæнынц,
суанг мыл мæ сыхæгтæ дæр худынц.
Ме 'рдхæрдтыл мæ уындæй
тас бахæцы,
куы мæ ауынынц,
уæд лидзæг фæвæййынц.
13 Мардау ферох дæн алкæмæй,
саст дурынау сдæн;
14 алырдыгæй дам-думтæ хъусын.
Мæ алыварс — тас,
адæм мæ ныхмæ сарæзтой фыдвæнд,
амарынмæ мæ хъавынц.
15 Æз та мæ зæрдæ дарын Дæуыл,
Дунедарæг!
Æз зæгъын: «Ды мæ Хуыцау дæ».
16 Мæ цард Дæ къухы ис,
фервæзын мæ кæн ме знæгтæй,
мæ фæдылзилджытæй.
17 Дæ цагъармæ рухс цæстæй ракæс,
фервæзын мæ кæн
Дæ хорзæхы фæрцы.
18 Дунедарæг, Дæумæ кæй сидын,
уый тыххæй, уадз, æгады бынаты
ма баззайон!
Æнæхуыцæуттæ фæхудинаг уæнт,
мæрдтыбæсты ныххъхъус уæнт!
19 Багомыг уæнт мæнгæвзæгтæ,
рæстгæнæгыл сæрбæрзондæй,
æлгъгæнгæйæ,
цъыф чи калы, уыдон.
20 Чи Дæ тæрсы,
Дæуыл йæ зæрдæ чи дары,
уыдонæн цас æмæ цас хæрзтæ
балæвар кæныс
æппæт адæмы раз!
21 Дæ базыры бын сæ хъахъхъæныс
адæмы фыдæхæй,
алы даутæй сæ бахизыс.
22 Арфæйаг у Дунедарæг —
знæгтæ цы сахарыл æртыхстысты,
уым мын Йæ диссаджы хорзæх
балæвар кодта!

23 Æз мæ фыр тыхстæй ахъуыды кодтон:
«Атигъ мыл кодтай Дæхи».
Фæлæ Дæм куы скуывтон,
уæд мын Ды фехъуыстай мæ лæгъстæ.
24 Уарзут Дунедарæджы,
Йе 'ппæт рæстудтæ.
Дунедарæг иузæрдионты
хъахъхъæны,
сæрыстырты та бафхæры дывæрæй.
25 Дунедарæгыл йæ зæрдæ чи дары,
уыдон,
фидар ут, ма асæттæд уæ ныфс!

**31** Давиды зондамонæн псалом.

Тæхудиаг у, йæ азым барст
кæмæн æрцыд,
кæй тæригъæдтæ нал æрымысдзысты!
2 Тæхудиаг у,
Дунедарæг йæ тæригъæдтæ
кæмæн нæ банымайдзæн,
йæ зæрдæйы мæнгарддзинад
кæмæн нæй!
3 Цалынмæ мæ тæригъæд сусæг кодтон,
уæдмæ ме 'рвылбоны хъæрзынæй
бастадтæн.
4 Уымæн æмæ Дæ къухы уæз
æхсæвæй-бонæй æнкъарын мæхиуыл.
Мæ тых байсысти,
раст цыма — сæрды æнтæфæй.
5 Æз Дын мæ тæригъæдыл басастæн
æмæ нæ бамбæхстон мæ азым.
Æз загътон: «Дунедарæгæн
раргом кæнон мæ фыдракæндтæ»,
æмæ мын Ды
мæ тæригъæд ныббарстай.
6 Алы рæстуд Дæм
бæллæхы заман скувæд,
æмæ йæм доны хъаймæт
нæ бахæццæ уыдзæн.
7 Ды — ме 'мбæхсæн фидар,
фыдбылызæй мæ хъахъхъæныс.
Фервæзын мæ кодтай,
æмæ дуне мæ алыварс
байдзаг ис цинæй.

8 «Æз дæ зонды къахыл сæвæрдзынæн
фæндаг дын бацамондзынæн.
Æз дæ размæ кæндзынæн,
Мæ цæст дæм дардзынæн.
9 Æнæзонд ма ут,
цæмæй коммæ кæса,
уый тыххæй йе 'фсæртыл идон
æмæ идоны къæбæлтæй
кæмæн ныххæцынц,
уыцы бæх кæнæ хæргæфсау».

10 Æнæхуыцау бирæ фыдбылызтæ
'взары,
Дунедарæгыл йæ зæрдæ чи дары,
уымæн та йæ алыварс —
Йæ хорзæхтæ.
11 Дунедарæджы цинæй райут
æмæ цин кæнут, рæстудтæ!
Фыр цинæй райут, сыгъдæгзæрдæтæ!

**32** Цин кæнут Дунедарæгыл, рæстудтæ:
Дунедарæджы стауын
фидауы рæстудыл.
2 Стаут Дунедарæджы
дыууадæстæноны зæлтæй,
æрцæгъдут Ын дæстæнонтыл.
3 Зарут Ын ног зарæг,
дæсны Йын æрцæгъдут
цины хъæртимæ.
4 Уымæн æмæ Дунедарæджы ныхас
æцæг у,
Йæ хъуыддæгтæ иууылдæр — раст.
5 Рæстдзинад æмæ раст тæрхон Ын
æхцон сты,
Йæ хорзæхæй йемыдзаг у зæхх.
6 Дунедарæджы ныхасæй
фæзындысты уæларвтæ,
Йæ комытæфæй — стъалыты æфсад.
7 Уый денджызы дæттæ
'рбамбырд кодта лалымау,
æнæбын хуыдымты бафснайдта дон.
8 Æгас зæхх тæрсæд Дунедарæгæй,
дун-дуне æмхуызонæй ризæд
Йæ разы.
9 Уымæн æмæ Уый загъта —
æмæ сæххæст ис;
Уый бардзырд радта — æмæ сси афтæ.
10 Дунедарæг фехалы
адæмты уынаффæтæ,
сæ фæндтæ сын æрбайсафы.
11 Дунедарæджы уынаффæ та —
æнустæм,
Йæ зæрдæйы фæндон —
фæлтæрæй фæлтæрмæ.
12 Тæхудиаг сты уыцы адæм,
Дунедарæг сæ Хуыцау кæмæн у,
Уый Йæхицæн исбонæн
кæй равзæрста.
13 Дунедарæг уæлæрвтæй кæсы дæлæмæ
æмæ алы адæймаджы дæр уыны.
14 Йæ паддзахы бадæнæй фæлгæсы
æппæт зæххон адæммæ.
15 Се 'ппæты зæрдæтæ дæр
Уый сфæлдыста

æмæ алкæмæн дæр
зоны йæ хъуыддæгтæ.
16 Паддзахы йе стыр æфсад
нæ фервæзын кæндзæн,
гуыппырсары нæ бахъахъхъæндзæн
йæ хъомыс.
17 Бæхыл зæрдæ дарæн нæй —
хъару йæм нæй фервæзын кæнынæн.
18 Дунедарæг уыны,
чи Дзы тæрсы æмæ Йæ хорзæхыл
йæ зæрдæ чи дары, уыдоны.
19 Уый сæ фервæзын кæндзæн
мæлæтæй,
стонг заманы сæ бафсаддзæн.
20 Дунедарæг — нæ зæрдæдарæн,
Уый у махæн æххуыс æмæ уарт.
21 Цин кæнæм Дунедарæгыл,
нæ ныфсы мæсыг — Йæ уаз ном.
22 О Дунедарæг, нæ зæрдæ дыл дарæм,
æмæ нæ Дæ хорзæх уæд.

**33** Давиды псалом, Авимелехы цур йæхи æррайы хуызæн куы скодта æмæ йæ уый йæ цурæй куы фæсырдта, уæд.

2 Кæддæриддæр кад кæндзынæн
Дунедарæгæн,
Йæ кады кой æдзухдæр уыдзæни
мæ былалгъыл.
3 Мæ уд æппæлдзæни Дунедарæгæй —
уый сæрныллæгтæ фехъусдзысты
æмæ ныццин кæндзысты!
4 Мемæ стаут Дунедарæджы,
иумæ Йын скад кæнæм Йæ номæн!
5 Æз агуырдтон Дунедарæджы,
æмæ мын Уый дзуапп радта,
бахызта мæ, тас мын цæмæй уыд,
æппæт уыдæттæй.
6 Йе 'ргом Æм чи раздæхта,
уыдонæн сæ цæсгæмттæ ныррухс сты,
æмæ никуы фегад уыдзысты.
7 Мæгуыр лæг æм сдзынæзта,
æмæ йæ Уый фехъуыста,
æппæт фыдбылызтæй йæ
фервæзын кодта.
8 Хуыцауæй чи тæрсы, уыдоны алыварс
Хуыцауы зæд зилы
æмæ сæ хъахъхъæны.
9 Бафæлварут æмæ фендзыстут,
Хуыцау куыд хорз у, уый!
Тæхудиаг у, Ууыл йæ зæрдæ чи дары!
10 Дунедарæгæн кад кæнут,
Йæ сыгъдæджытæ:
Хуыцауы тас кæй ис,
уыдон хъуаг ницæмæй æййафынц.
11 Домбæйттæ дæр æрлæмæгъ вæййынц
æмæ сыдæй фæмæлынц,
фæлæ, Дунедарæджы чи агуры,
уый иу хорзæхæй дæр
æнæхай нæ вæййы.
12 Æрбалæуут, сабитæ,
æмæ мæм æрбайхъусут,
æз уæ сахуыр кæнон Хуыцауы тасыл.
13 Тæхудиаг цардæй цæрын
æмæ амондджын бонтæ
æрвитын кæй фæнды?
14 Де 'взаджы кæроныл дæр
хæрам ныхас макуы абадæд,
мæнгард ныхас
макуы схауæд дæ дзыхæй!
15 Дæхи хиз фыд ракæнынæй
æмæ хорз хъуыддæгтæ араз.
Фидыды фæндаг агур æмæ йыл цу.
16 Дунедарæг раст лæгмæ æркæсы
æмæ йын фехъусы йæ дзыназын,
17 фыдгæнæгæн та Дунедарæг
йæ ныхмæ у,
зæххыл ын фесафы йæ кой дæр.
18 Дунедарæгмæ чи сдзыназы,
уыдоны Уый фехъусы
æмæ сæ алы фыдбылызæй дæр
бахизы.
19 Састзæрдæты фарсмæ
'рбалæууы Дунедарæг,
фервæзын кæны ныфссасты.
20 Раст адæймаг
бирæ зындзинæдтæ бавзары,
фæлæ йæ Дунедарæг
се 'ппæтæй дæр фервæзын кæны.
21 Хуыцау ын йе стджытæ дæр
хъахъхъæны,
æмæ дзы иу дæр саст не 'рцæудзæн.
22 Фыдгæнæг амæлдзæни фыдмардæй;
раст лæджы чи нæ уарзы,
уый æфхæрд баййафдзæн.
23 Дунедарæг Йæ цагъарты
бахиздзæни фыдбылызæй,
йæхи Йыл чи фæдзæхсы,
уыдонæй иунæг дæр нæ фесæфдзæн.

**34** Давиды псалом.

О Дунедарæг, тæрхон мын чи кæны,
уыдонæн стæрхон кæн;
мемæ чи хæцы,
уыдонимæ рахæц!
2 Дæ уарт æмæ Де згъæрдарæс райс
æмæ мæ фарсмæ 'рбалæуу!
3 Слас Дæ кард æмæ æрлæуу
мæ фæдылзилджыты ныхмæ!

Зæгъ мæ удæн:
«Æз дæ ирвæзынгæнæг дæн!»
4 Фегад æмæ фæхудинаг уæнт,
марынмæ мæ чи хъавы, уыдон.
Æгады здæхт акæнæнт фæстæмæ
мæ ныхмæ фыдвæнд æрымысджытæ!
5 Дымгæ кæй ныффæйлауы,
уыцы зыгуымау суæнт,
Дунедарæджы зæд сæ фæсурæд!
6 Талынг æмæ бырынцъаг суæд
сæ фæндаг,
Дунедарæджы зæд
сæ фæдыл æфтыд фæуæд!
7 Мæ сæрæн ницы зонын,
афтæмæй мын мæ размæ
ахсæн хызтæ сæвæрдтой;
ницы ракодтон, афтæмæй мын
уæрм скъахтой.
8 Æнæнхъæлæджы се сæфт æрцæуæд,
сæ ахсæн хызы бахауæнт сæхæдæг
æмæ се сæфт ссарæнт!
9 Мæнæн та мæ уд
цин кæндзæни Дунедарæгыл,
ныццин кæндзæн
Йæ ирвæзындзинадыл!
10 Ме уæнгтæ иууылдæр зæгъдзысты:
«О Дунедарæг, Дæуæн æмбал кæм ис?
Дæуау кæй бон суыдзæн
æнæбоны тыхджыны къухæй
скъахын,
мæгуыр æмæ гæвзыччы
стигъджытæй фервæзын кæнын?»
11 Тæрхоны раз
мæ ныхмæ ралæууыдысты
æгъатыр мæнгæвдисæнтæ,
цы нæ зонын,
уыдæттæй мæ фæрсынц.
12 Мæ хæрзтæ мын фидынц фыдæй,
мæ амарыныл архайынц.
13 Сæ рынчыны заман-иу
скодтон сæхъис æмæ ком дардтон.
Дунедарæгæн æхцон фæуæд
мæ куывд!
14 Раст цыма мæ лымæнтæ,
ме ’фсымæртæ уыдысты,
уыйау-иу сæ бабæрæг кодтон,
мæ мады мæлæтыл кæуæгау сыл-иу
бахъынцъым кодтон.
15 Уыдон та мыл ныр
мæ зыны сахат æрбамбырд сты
æмæ фыр цинæй райынц,
æз кæй фæкалдтæн, ууыл.
Нæ йæ ’мбарын,
цы мыл æмбырдтæ кæнынц
ацы фидисгæнджытæ,
иудадзыг мæ тухæнæй цы марынц!
16 Хынджылæг мæ кодтой æнаккæгтау,
сæ дæндæгты къæс-къæс мæм цыди.
17 Дунедарæг, кæдмæ сæм афтæ
кæсдзынæ?
Сæ фыдвæндтæй мæ фервæзын кæн,
мæ иунæджы уд мын
домбæйтты дзыхæй байс!
18 Æгас дзыллæйы раз Дын
скад кæндзынæн,
æппæт адæмы раз Дæ стаудзынæн.
19 Æнаххосæй мæм
знаджы цæстæй чи кæсы,
уыдоны мыл ма бауадз худын,
кæрæдзимæ сæ цæстытæ никъулын!
20 Фидыды кой сæм нæй,
зæххыл сабырæй чи цæры,
уыдоны ныхмæ аразынц фыдвæндтæ.
21 Сæ дзыхтæ мæм
ныххæлиу кодтой, дзурынц:
«Æ-гъа! Уый дын нæхи цæстæй
кæй федтам!»
22 Дунедарæг! Ды адæттæ
иууылдæр уыныс
æмæ Дæхи ма ныхъхъус кæн!
Ма мæ ныууадз!
23 Мæ фыдгултыл Дæхи ныххуырс,
тæрхоны раз мæ сæрыл рахæц!
Мæ хъаст мын равзар,
о мæ Хуыцау, Дунедарæг!
24 Дæ рæстаг тæрхон мын саккаг кæн,
о Дунедарæг, мæ Хуыцау,
цæмæй мыл ма ферайой!
25 Уадз, ма зæгъой сæхинымæр:
«Æ-гъа! Нæ фæндиаг фæци!»
Уадз, ма дзурой сæхинымæр:
«Аныхъуырдтам æй!»
26 Уадз æмæ, мæ бæллæх
йæ цины сæр кæмæн у,
уыдон иууылдæр фæхудинаг
æмæ сæгад уой!
Йæхи мæнæй уæлдæр чи æвæры,
уыдоныл худинаджы,
æгады гакк сбадæд!
27 Хорз мын кæй цæст уарзы,
уыдон та иудадзыг цинхъæр кæнæнт:
«Цытджын у Дунедарæг,
Йæ цагъарæн фарн
Кæй зæрдæ зæгъы!»
28 Æз дзыллæйæн
Дæ рæстады кой кæндзынæн,
æрвылбон Дæ стаудзынæн сæ разы!

**35** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Дунедарæджы цагъар Давиды конд.

2 Æнæхуыцауæн адджын у тæригъæд,
Хуыцауы тас æм нымады дæр нæу.
3 Ныббуц вæййы йæхицæй,
цыма йæ азым базыдта
æмæ дзы йе сæфт федта, уыйау.
4 Йæ ныхæстæ — хинæйдзаг æмæ мæнг;
нæдæр уæлзондмæ тырны,
нæдæр — хорздзинад ракæнынмæ.
5 Суанг йæ хуыссæны дæр
аразы фыдвæндтæ.

6 О Дунедарæг! Дæ хорзæх
хæццæ кæны уæлæрвтæм,
Дæ иузæрдиондзинад —
æврæгъты онг!
7 Дæ рæстад —
Хуыцауы хæхтау бæрзонд,
Дæ раст тæрхон — æнæбын хуыдымау!
Адæмыл дæр æмæ фосыл дæр аудыс,
Дунедарæг!
8 О Хуыцау, Дæ хорзæхæн аргъ нæй!
Дæ базыры бын бакодтай адæмы,
9 Дæ хойрагæй сæ ’фсадыс,
сæ дойны сын сæттыс
Дæ цины цæугæдæттæй.
10 Уымæн æмæ Ды дæ цард суадон,
Дæ рухсы мах уынæм рухс.
11 Дæ хорзæхы аккаг скæн,
чи Дæ зоны, уыдоны,
Дæ рæстады фарнæй
схайджын кæн рæстзæрдæты!
12 Уадз, сæрыстыр мæн
йæ къæхты бын ма ныссæнда,
фыдлæгты къух мæ, уадз, ма фæсура.
13 Фæкалдысты фыдгæнджытæ:
афæлдæхтой сæ —
нал сын бантысдзæни сыстын.

## 36 Давиды псалом.

Фыдгæнджытæм ма бабæлл,
æнаккæгтæм ма хæлæг кæн, —
2 уыдон рæхджы
бахус уыдзысты кæрдæгау,
баруайдзысты зайæгхалау.
3 Дунедарæгыл дæ зæрдæ дар
æмæ хорз хъуыддæгтæ араз;
цæр зæххыл иузæрдионæй.
4 Дунедарæгмæ удæнцой агур,
æмæ дын Уый сæххæст кæндзæн
дæ зæрдæйы бæллицтæ.
5 Дæ царды фæндаг
Дунедарæджы бар бакæн,
дæ зæрдæ Йыл дар, æмæ дын Уый
дæ алы хъуыддаг дæр сараздзæн:
6 сæуæхсидау сæрттивдзæни
дæ рæстад,
бонрæфты хурау тæмæнтæ скалдзæни
дæ рæстдзинад.
7 Æдзæмæй æрлæуу Дунедарæджы раз,
дæ зæрдæ Йыл дар.
Йæ царды бирæ кæмæн æнтысы,
уыцы фæлитойтæм ма хæлæг кæн!
8 Мауал мæсты кæн,
дæ масты цæхæртæ мауал кал!
Ма хæлæг кæн —
фыддæр истæмæ дын ма расайа!
9 Фыдгæнджытæ бабын уыдзысты,
Дунедарæгыл йæ зæрдæ чи дары,
уыдонæн та зæхх
бауыдзæни сæ исбон.
10 Чысыл ма хъæуы,
æмæ æнæхуыцæуттæн
сæ хъæр, сæ кой дæр нал баззайдзæн,
сæ фæд дæр сын нал ауындзынæ.
11 Сæрныллæгтæн та
зæхх бауыдзæни сæ исбон,
бафсæддзысты фарнæй.

12 Æнæхуыцау рæстгæнæджы ныхмæ
аразы фыдвæндтæ,
йæ дæндæгты къæс-къæс æм цæуы,
13 фæлæ йыл Дунедарæг худы,
уымæн æмæ уыны:
йæ царды фæстаг бон æрæввахс.
14 Æнæхуыцæуттæ сласынц сæ кæрдтæ,
айвазынц се ’рдынтæ,
цæмæй сæ фыдæх ныххуырсой
мæгуыр æмæ гæвзыккыл,
раст фæндагыл чи цæуы,
уыдоны амарой.
15 Фæлæ сын сæ кард
сæхи зæрдæтæ барæхойдзæн,
се ’рдынтæ та ныссæтдзысты.
16 Раст лæджы чысыл мулк
бирæ ’нæхуыцæутты
хъæздыгдзинæдтæй — хуыздæр.
17 Дунедарæг æнæхуыцæутты хъомыс
басæтдзæн,
рæстудтæн та хъæру ратдзæни.
18 Дунедарæг сыгъдæгзæрдæты
цард уыны,
æмæ сæ исбон
нæ фесæфдзæни мыггагмæ.
19 Фыд рæстæджы нæ фегад уыдзысты,
æххормаг заманы уыдзысты æфсæст.
20 Æнæхуыцæуттæ та фесæфдзысты,
Дунедарæджы знæгтæ
æрбайсæфдзысты
уыгæрдæны кæрдæгау,

фæцыдæр уыдзысты фæздæгау.
21 Æнæхуыцау æфстау райсы,
фæлæ йæ нал ратты фæстæмæ,
рæстгæнæг та
æфстау дæтты рæдауæй.
22 Зæхх бауыдзæн,
Хуыцау арфæ кæмæн ракодта,
уыдоны исбон,
кæй ралгъыста,
уыдон та бабын уыдзысты.
23 Рæстуды къахдзæфтæ Дунедарæг
скæны æнæфæцудгæ,
йæ фæндагыл ын ауды.
24 Куы фæкæла, уæд дæр не 'рхаудзæн:
Дунедарæг ын йæ къухыл хæцы.
25 Уыдтæн æвзонг, зæронд дæр бадæн,
фæлæ никуыма федтон,
æмæ Хуыцау
рæстгæнæджы ныууадза,
кæнæ йæ байзæддæгтæ
къæбæргур зилой.
26 Рæстгæнæг æрвылбон
æфстау дæтты рæдауæй,
йæ байзæддæгтæ
арфæгонд уыдзысты.

27 Фыддзинадæй дæхи хиз,
хорз хъуыддæгтæ араз
æмæ цæрдзынæ мыггагмæ.
28 Дунедарæг раст тæрхон уарзы
æмæ дзæгъæлæй нæ ныууадздзæни
Йæ иузæрдионты,
æнусмæ сыл ауддзæн,
æнæхуыцæуттæн та
фесæфдзæни сæ мыггаг.
29 Зæхх бауыдзæн
рæстгæнджыты исбон,
æмæ йыл цæрдзысты мыггагмæ.
30 Рæстгæнæджы дзыхæй
куырыхон ныхас рацæуы,
йе 'взаг дзуры рæстдзинад.
31 Хуыцауы 'Гъдау йæ зæрдæйы фыст ис,
æмæ нæ фæцуддзæн.
32 Æнæхуыцау зилы
рæстгæнæджы фæдыл,
йæ амарыныл архайы,
33 фæлæ йын æй Дунедарæг
йæ къухтæм нæ ратдзæн,
тæрхоны раз æй
фæзылынджын кæнын
нæ бауадздзæн.
34 Дунедарæгыл дæ зæрдæ дар,
Йæ фæндагыл цу,
æмæ дæ Уый сбæрзонд кæндзæн,
зæхх бауыдзæни дæ исбон.
Æмæ уæд фендзынæ,
æнæхуыцæуттæн се сæфт
куыд ралæудзæн, уый.
35 Æз федтон æнæхуыцау фыдгæнæджы
бирæкъабузджын бæласау
йæхи айтындзгæ,
36 фæлæ аивгъуыдта æмæ нал ис,
агуырдтон ма йæ,
фæлæ йæ нал ссардтон.
37 Бакæс-ма сыгъдæгзæрдæмæ,
рæстудмæ:
сабырæй чи цæры, уымæн ис фидæн,
38 фыдгæнджытæ та
иууылдæр бабын уыдзысты,
æнæхуыцæуттæн фидæн нæй.
39 Дунедарæг фервæзын кæндзæн
рæстудты,
бæллæхы заман сæ
Йæ базыры бын бакæндзæн.
40 Дунедарæг сын баххуыс кæндзæн
æмæ сæ бахиздзæн,
æнæхуыцæуттæй сæ
фервæзын кæндзæн,
уымæн æмæ Ууыл дарынц сæ зæрдæ.

**37** Давиды псалом. Зæрдыл дарынæн.

2 Дунедарæг, тызмæгæй мын
ма уайдзæф кæн,
Дæ карзæй мæ ма 'фхæр.
3 Дæ фæттæ нынныхстысты мæ буары,
æруæз мыл кодта Дæ къух.
4 Дæ азарæй мæ буарыл
æгас бынат нал баззад;
мæ тæригъæдты фыдæй
ме стджыты рыст нал æнцайы.
5 Мæ тæригъæдты аныгъуылдтæн,
сæ уаргъ сын хæссын нал фæразын.
6 Ме 'нæзонды аххосæй сысмаг сты,
хæф кæнынц мæ цæфтæ.
7 Ныггуыбыр дæн,
æрлæмæгъ дæн бынтондæр,
хъынцъымгæнгæйæ арвитын мæ бон.
8 Мæ фæрстæ низæй судзынц,
æгас бынат нал ис мæ буары.
9 Бастадтæн, басасти мæ хъару,
зæрдæрыстæй ныхъхъæр кæнын.
10 О Дунедарæг, зоныс мын мæ бæллицтæ,
мæ иу сулæфт дæр сусæг нæу Дæуæй.
11 Мæ зæрдæ ризы, батади мæ хъару,
мæ цæсты рухс мынæг кæны.
12 Мæ хæлæрттæ æмæ мæ лымæнтæ
иуварс лидзынц мæ низæй,
мæ хиуæттæ мæм
нал цæуынц хæстæг.

13 Мæн амарынмæ чи бæллы,
уыдон мын ахсæн хызтæ сæвæрдтой.
Ме сæфтмæ бæллынц
æмæ мæ ’лгъитынц,
бон-изæрмæ сау фæндтæ нывæндынц.
14 Фæлæ æз ницы хъусын къуырмайау,
фæлæ æз ницы дзурын гобийау.
15 Хъусæй чи нæ хъусы
æмæ дзуапп раттын чи нæ фæразы,
уый хуызæн сдæн.
16 Уымæн æмæ, Дунедарæг,
Дæуыл дарын мæ зæрдæ;
Дунедарæг, мæ Хуыцау,
Ды мын дзуапп ратдзынæ æнæмæнг.
17 Кувын æз: «Куы фæцудон, мыййаг,
уæд мыл мæ фыдгултæ ма ферайæнт,
сæрбæрзондæй мыл ма худæнт».
18 Æрхауынæввонг дæн,
мæ рыст мæ уæгъд нæ уадзы.
19 Мæ азымыл сæттын,
мæ тæригъæдыл фæсмонæй мæлын.
20 Мæ фыдгултæ та
фидар кæнынц сæ царды,
æнæ ’фсонæй æнæуынон кæмæн дæн,
уыдон сбирæ сты.
21 Мæ хорз мын фидынц æвзæрæй,
хорздзинад ракæнынмæ
кæй бæллын, уымæн.
22 О Дунедарæг, мæ Хуыцау,
ма мæ ныууадз,
ма адард у мæнæй!
23 Фæтагъд мæм кæн æххуысмæ,
о Дунедарæг, мæ Ирвæзынгæнæг!

**38** Зарæггæнджыты къорды разамонæг Йедутунæн. Давиды псалом.

2 Æз сфæнд кодтон:
мæ цæст дардзынæн мæ фæндæгтæм,
цæмæй ме ’взагæй
тæригъæд ма ракæнон;
мæ дзыхыл цъутта сæвæрдзынæн,
цалынмæ æнæхуыцау
мæ разы уа, уæдмæ.
3 Æнæсымæй, æгомыгæй лæууыдтæн,
суанг, хорз цы у,
ууыл дæр нæ дзырдтон,
æмæ мæ рыстыл бафтыди.
4 Мæ зæрдæ сыгъди мæ риуы,
мæ хъуыдытæ
зынджы стъæлфæнтæ фестадысты,
æмæ уæд райдыдтон дзурын:
5 «Раргом мын кæн, Дунедарæг,
кæд уыдзæни мæ царды кæрон,
цас ма мын ис цæрæнбон,
цас ахæсдзæн мæ цард.
6 Нымад бонтæ мын æрбарстай,
мæ цардæмгъуыд ницы у Дæ разы.
Æцæг, адæймагæн йæ цард
фæздæгæй уæлдай нæу.
7 Адæймаг аууонау хилы,
дзæгъæлы у йæ тухæн,
æмбырд кæны, фæлæ кæмæн,
уый нæ зоны.
8 Æмæ ма ныр цæмæ у мæ каст,
Дунедарæг?
Мæ ныфс æрмæстдæр Ды дæ.
9 Мæ тæригъæдтæй мæ фервæзын кæн,
æдылытæн мын мæ сæр
хъазинаг ма фæкæн!
10 Æз багомыг дæн,
мæ дзыхæй ныхас нæ хауы, —
цыдæриддæр æвзарын, уый —
Дæ фæндонæй.
11 Дæ азарæй мæ бахиз,
Дæ къухы цæфтæй сæфын æз.
12 Йæ азымы тыххæй Ды
адæймаджы бафхæрыс,
зынаргъ ын цы у,
уый рæмпæг фестын кæныс.
Адæймаг фæздæгæй уæлдай нæу.
13 Дунедарæг, айс мын мæ куывд,
фехъус мын мæ дзыназын,
мæ цæссыгтæ мын ма ныууадз
æнæ дзуаппæй.
Мæ фыдæлтау æз дæр
æбар фæндаггон,
æрцæуæггаг дæн Дæ разы.
14 Дæ тызмæг цæстæнгас мæ аздах
æмæ мын иу чысыл циндзинад ратт,
цалынмæ нæ аивгъуыдтон
æмæ мæ фæд нæ фесæфти, уæдмæ».

**39** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Давиды псалом.

2 Фидарæй мæ зæрдæ дардтон
Дунедарæгыл,
æмæ мæм Уый æркасти,
фехъуыста мын мæ дзыназын.
3 Мæлæты хъоргъæй мæ
фервæзын кодта,
цъымарайы астæуæй мæ сласта;
сæргъæвта мæ айнæджы фахсмæ,
мæ къæхтыл мæ фидар
слæууын кодта.
4 Мæ комы мын бавæрдта ног зарæг —
кады зарæг нæ Хуыцауæн.
Уый фенгæйæ,
бирæты тас бацæудзæн,

æмæ Дунедарæгæй
ныфс æвæрдзысты.
5 Тæхудиаг у уыцы адæймаг,
йæ зæрдæ Дунедарæгыл чи дары,
сæрыстыртæй æмæ фæлитойтæй
йæхи чи хизы!

6 Дунедарæг, мæ Хуыцау!
Кæуылты сты дæ диссæгтæ,
нæ сæраппонд
цы фæндтæ нывæндыс, уыдон!
Дæуæн æмбал кæм ис?
Дæ диссæгты кой Дын ракæнин,
фæлæ сæ æз
кæд фæуыдзынæн нымад?
7 Дæуæн нывæндтæ æмæ хуынтæ
фæндон нæ уыдисты,
иуугылсудзинæгтæ æмæ тæригъæды
нывæндтæ нæ бацагуырдтай —
мæ хъустæ мын
байгом кодтай хъусынæн.
8 Уæд æз загътон:
«Мæнæ дæн, æрбацыдтæн.
Мæн тыххæй фыст ис Уаз Чиныджы.
9 Мæ Хуыцау! Мæн фæнды
сæххæст кæнын Дæ фæндон,
Де 'Гъдау мæ зæрдæйы ис».
10 Æз Дын раргом кодтон Дæ рæстад,
мæ дзыхыл нæ ныххæцыдтæн
Стыр æмбырды —
о Дунедарæг, зоныс æй Дæхæдæг!
11 Дæ рæстдзинад нæ бамбæхстон
мæ зæрдæйы арфы;
иузæрдион ирвæзынгæнæг кæй дæ,
уый фехъусын кодтон.
Нæ басусæг кодтон Стыр æмбырды
Дæ хорзæх æмæ Де 'цæгад.
12 Дунедарæг, Дæ хорзæхæй мæ
æнæхай ма фæкæн!
Дæ хорзæх æмæ Де 'цæгад
иудадзыг хъахъхъæнæнт мæн!
13 Фыдбылызтæ мыл
æнæнымæцæй æртыхстысты,
мæ тæригъæдтæ мæ баййæфтой
æмæ мын сæхгæдтой мæ цæсты рухс:
мæ сæрыхъуынтæй фæфылдæр сты,
мæ ныфс фесæфти.
14 Дунедарæг,
Дæ хорзæхы аккаг мæ скæн,
сæфын мæ ма бауадз!
О Дунедарæг,
ратындз мæм æххуысмæ!
15 Фегад æмæ фæхудинаг уæнт,
мæн амарынмæ чи хъавы, уыдон!
Æгадæй лидзæг фæуæнт
ме сæфтмæ бæлджытæ!
16 Уæртæ ис, уæртæ, зæгъгæ,
мæныл йæхи худæгæй чи хаста,
уыдон фæхудинаг уæнт!
17 Дæумæ чи тырны,
уыдон та райæнт æмæ цин кæнæнт!
Дæ ирвæзындзинадæн аргъ чи кæны,
уыдон æдзухдæр дзурæнт:
«Кадджын у Дунедарæг!»
18 Мæгуыр æмæ гæвзыкк дæн æз,
фæлæ мæ Дунедарæг нæ рох кæны!
Ды — ме 'ххуысгæнæг,
мæ ирвæзынгæнæг!
Фæстиат ма фæкæн, мæ Хуыцау!

**40** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Давиды псалом.

2 Тæхудиаг у мæгуырыл аудæг —
бæллæхы бон æй Дунедарæг
фервæзын кæндзæн.
3 Дунедарæг æй бахъахъхъæндзæн,
мæлæтæй йæ бахиздзæн,
цардамонд ын схай кæндзæн,
знаджы къухтæм æй нæ ратдзæн.
4 Куы 'руатон уа, уæд ын Дунедарæг
хъару ратдзæни,
рынчыны уат
æнæниз цардæй раивдзæни.

5 Кувын æз: «О Дунедарæг!
Батæригъæд мын кæн!
Сдзæбæх мæ кæн,
уымæн æмæ тæригъæдджын дæн
Дæ разы!»
6 Мæ фыдгултæ,
ме сæфтмæ бæлгæйæ, дзурынц:
«Цымæ кæд ныммæлдзæни,
кæд фесæфдзæни йæ кой?»
7 Рынчынфæрсджытæ мын
цурон ныхæстæ акæнынц,
сæ зæрдæты та — марг:
мæ разæй куы ацæуынц,
уæд ракæнынц мæ фыдгой.
8 Хъус-хъус кæнынц,
сæ марг калынц:
9 «Низ ыл фæтых ис,
æмæ нал рабаддзæни».
10 Хæларæй кæимæ цардтæн,
æмæ æууæндгæ дæр кæуыл кодтон,
мемæ къæбæр чи хордта,
уый дæр мæ ныхмæ рацыди.
11 О Дунедарæг!
Батæригъæд мын кæн!
Мæ къæхтыл мæ слæууын кæн,

æмæ дзы алкæмæн дæр аккаг фæуон!
12 Ме знæгты мыл
куынæ фæуæлахиз уой,
уæд æй зондзынæн,
Ды мыл кæй аудыс, уый.
13 Мæн та Ды бахиздзынæ фыдбылызæй,
мыггагмæ Дæ разы куыд уон, афтæ.
14 Арфæгонд у Дунедарæг,
Израилы Хуыцау,
мыггагæй мыггагмæ!
Аммен! Аммен!

**41** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Корахы фыртты зондамонæн псалом.

2 Саг суадонмæ куыд фæтырны,
афтæ мæ уд тырны Дæумæ, Хуыцау!
3 Мæ уд бæллы Хуыцаумæ,
цардæгас Хуыцаумæ!
Кæд бацæудзынæн
æмæ Хуыцауы раз
кæд æрлæудзынæн?
4 Мæ цæссыгтæй æхсæвæй-бонæй
цæхсын мæхи, æрвылбон хъусын:
«Кæм ис дæ Хуыцау?»
5 Мæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц,
уый куы æрымысын, уæд:
æз-иу цины хъæртимæ,
Хуыцауы стаугæйæ,
бæрæгбонхуыз дзыллæимæ цыдтæн
Хуыцауы хæдзармæ.

6 Мæ уд, цы ныхъхъуыстай дæхимæ,
цæуыл у дæ сагъæс?
Хуыцауыл дæ зæрдæ дар:
æз Æй нырма стаудзынæн —
мæ Ирвæзынгæнæджы, мæ Хуыцауы.
7 Мæ уд хъынцъым кæны мæ мидæг,
æмæ Дæ мысын Иорданы зæххыл,
Ермоны хæхбæсты, Мицары хохыл.
8 Хуыдым сиды хуыдыммæ
Де 'хсæрдзæнты хъæлæсæй;
Дæ дæттæ æмæ Дæ уылæнтæ
акалдысты мæ сæрты.
9 Дунедарæг мын боныгон
равдисы Йæ хорзæх,
æмæ ме 'хсæвы зарæг вæййы Ууыл —
мæ цардæттæг Хуыцауыл.
10 Æз зæгъдзынæн Хуыцауæн,
мæ Къæдзæхæн:
«Цæмæн мæ ферох кодтай?
Цæмæн мæ уадзыс
ме знагæн æфхæрын,
кæугæйæ цæмæн æрвитын
мæ бонтæ?»
11 Уæнгсастау дæн,
æмæ мыл мæ фыдгултæ худынц:
«Кæм ис дæ Хуыцау?»
12 Мæ уд, цы ныхъхъуыстай дæхимæ,
цæуыл у дæ сагъæс?
Хуыцауыл дæ зæрдæ дар:
æз Æй нырма стаудзынæн —
мæ Ирвæзынгæнæджы, мæ Хуыцауы.

**42** О Хуыцау, тæрхонгæнæг мын фæу,
фыдзæрдæ адæмимæ быцæуы
мæ фарсмæ 'рбалæуу,
мæнгард, æнæраст адæмæй мæ бахиз.
2 Ды — мæ Хуыцау æмæ мæ хъару.
Цæмæн мæ ныууагътай?
Цæмæн згъалын мæ цæссыг
ме знаджы æфхæрдæй?
3 Дæ рухс æмæ Де 'цæгад мын рарвит,
уыдон мæ ахонæнт Дæ уаз хохмæ,
Дæ цæрæнмæ.
4 Æз бацæудзынæн
Хуыцауы нывондхæссæнмæ,
Хуыцаумæ — мæ циндзинады
суадонмæ,
стаудзынæн Дæ
хъисфæндыры цагъдæй,
о Хуыцау, мæ Хуыцау!
5 Мæ уд, уæдæ цы ныхъхъуыстай
дæхимæ?
Цæуыл у дæ сагъæс?
Дæ Хуыцауыл дæ зæрдæ дар:
æз Æй нырма стаудзынæн —
мæ Ирвæзынгæнæджы, мæ Хуыцауы.

**43** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Корахы фыртты зондамонæн псалом.

2 О Хуыцау, мах нæ фыдæлтæй
фехъуыстам нæхи хъустæй,
раджы заманы, сæ рæстæджы,
Ды цы хъуыддæгтæ сарæзтай,
уыдоны кой.
3 Ды Дæхи къухæй
иннæ адæмты фæсырдтай,
уыдоны та æрцæрын кодтай
сæ зæххыл;
басастай æмæ фæтардтай адæмты.
4 Сæ карды фæрцы
нæ самал кодтой ацы зæхх,
сæ хъару сын не 'рхаста уæлахиз,
фæлæ Дæ къух æмæ Дæ хъомыс,
Дæ цæсгомы рухс —
Ды сыл аудыдтай.
5 О Хуыцау, Ды — мæ паддзах!
Фервæзын кæн Йаковы фæдонты!

6 Дӕ фӕрцы мах не знӕгты
нӕ сыкъатыл сисдзыстӕм.
Дӕ хорзӕх нӕ куы уа,
уӕд нӕ ныхмӕлӕуджыты
бассӕнддзыстӕм.
7 Мӕ зӕрдӕ ме 'рдыныл нӕ дарын,
мӕ кард дӕр мӕ нӕ
фервӕзын кӕндзӕн.
8 Ды-иу нӕ фервӕзын кодтай
не знӕгтӕй,
йе сӕфт нӕ чи уыны,
уыдоны-иу ӕгады бынатмӕ 'ртардтай.
9 Ӕрвылбон мах
кадджын кӕнӕм Хуыцауы,
мыггагмӕ Дын
кад кӕндзыстӕм Дӕ номӕн.
10 Уӕдӕ нӕ цӕмӕн фӕхудинаг кодтай,
цӕмӕн нӕ ныуугътай?
Не 'фсадимӕ цӕуылнӕуал цӕуыс?
11 Не знӕгты разӕй нӕ
лидзӕг куы фӕкодтай,
хӕлӕттаг куы фестӕм нӕ фыдгултӕн.
12 Фыстау нӕ радтай ӕргӕвдынмӕ,
адӕмты 'хсӕн нӕ ныххӕлиу кодтай.
13 Ницӕуыл ауӕй кодтай дӕ адӕмы,
ницы пайда дзы райстай.
14 Нӕ сыхӕгтӕн нӕ фидиссаг фӕкодтай,
нӕ алыварс чи ис, уыдон ныл худынц,
хынджылӕг нӕ кӕнынц.
15 Адӕмтӕ нӕ 'мбисондӕн ӕрхӕссынц,
махмӕ кӕсгӕйӕ,
банкъусынц сӕ сӕртӕ.
16 Кӕй сӕгад дӕн, уый алы бон уынын,
мӕ худинагӕй судзы мӕ цӕсгом,
17 мӕ алыварс — фидистӕ
ӕмӕ 'фхӕрӕн ныхӕстӕ,
фыдгулы мастисӕн цӕстӕнгас.
18 Ӕппӕт уыдӕттӕ
байййӕфтой нӕ сӕртӕ,
фӕлӕ Дӕ уӕддӕр нӕ ферох кодтам,
нӕ фехӕлдтам Дӕ фидыд.
19 Нӕ зӕрдӕ Дыл нӕ сивтам
ӕмӕ Дӕ фӕндагӕй
нӕ адзӕгъӕл стӕм.
20 Ды нӕ мӕрдты бирӕгъты хӕтӕнты
ныффалгӕрон кодтай,
саудалынгӕй нӕ бамбӕрзтай.
21 Мах нӕ Хуыцауы
куы ферох кодтаиккам,
кӕйдӕр хуыцаумӕ
нӕ къухтӕ куы сивӕзтаиккам,
22 уӕд Хуыцау, ау, уый нӕ федтаид?
Зӕрдӕйы сусӕгтӕ дӕр
зындгонд куы сты Уымӕн!
23 Дӕу тыххӕй нӕ алы бон марынц,
нымайынц нӕ ӕргӕвдинаг фыстыл.
24 О Дунедарӕг, ракӕс!
Куыд фынӕй кӕныс?!
Ма нӕ ныуудз бынтон!
25 Дӕхи ныл цӕмӕн атигъ кодтай?
Куыд Дӕ ферох сты
нӕ удхар ӕмӕ нӕ фыдбылызтӕ?
26 Нӕ удтӕ рыджы сӕвдылдысты,
нӕ буӕрттӕ зӕххимӕ сиу сты.
27 Раст ӕмӕ нын феххуыс кӕн!
Фервӕзын нӕ кӕн
Дӕ хорзӕхы фӕрцы!

**44** Зарӕггӕнджыты къорды разамонӕгӕн. Мелоди «Хъоппӕджытӕ»-йы зӕлтӕм гӕсгӕ. Корахы фыртты зондамонӕн псалом. Уарзондзинады зарӕг.

2 Мӕ зӕрдӕйӕ рацыдысты
фарны дзырдтӕ.
Мӕ зарӕг — Паддзахыл.
Ме 'взаг — дӕсны фыссӕджы сис.
3 Ды дӕ ӕппӕт адӕмӕй хуыздӕр,
Дӕ дзыхӕй фарн кӕлы, —
Хуыцау Дын арфӕ ракодта ӕнусмӕ.
4 Дӕ кард Дӕ фарсыл ӕрбабӕтт,
Хъомысджын,
Дӕ уӕлӕ 'ркӕн Дӕ кад
ӕмӕ Дӕ хъомыс,
5 Дӕ уӕрдоны ӕрбад —
ӕцӕгад, сӕрныллӕгдзинад ӕмӕ
рӕстдзинады сӕраппонд.
Дӕ хъомысджын къух
стыр хъуыддӕгтӕ саразӕд.
6 Дӕ фӕттӕ — цыргъ,
ӕрсӕтдзысты Дӕ разы адӕмтӕ.
Паддзахы знӕгтӕн асасти сӕ ныфс.
7 Хуыцау, Дӕ паддзахы бадӕн у ӕнусон,
Дӕ Паддзахады лӕдзӕг —
рӕстдзинады лӕдзӕг.
8 Ды бауарзтай рӕстдзинад,
фыддзинад Дын ӕнӕуынон у.
Уымӕ гӕсгӕ Дӕу Хуыцау, Дӕ Хуыцау,
демӕ чи ис, уыдонӕй уӕлдай
циндӕттӕг сойӕ байсӕрста.
9 Дӕ дарӕс ӕнӕхъӕнӕй
миррӕ, алой ӕмӕ кассийы
хӕрздӕф кӕны,
пылыстӕгӕй арӕзт галуаны
Дӕу хъӕлдзӕг кӕнынц
дыууадӕстӕноны зӕлтӕ.
10 Дӕ кадджын фӕсдзӕуинты 'хсӕн —
паддзахы чызджытӕ,
ус-паддзах
офираг сыгъзӕрины фӕлыстӕй

æрлæууыди Дæ фарсмæ.
11 Байхъус, чызг, кæс æмæ
хъус лæмбынæг,
ферох кæн дæ адæмы,
дæ фыды хæдзар.
12 Паддзах бабæлдзæни
дæ рæсугъддзинадмæ;
Уый у дæ Бардарæг, æмæ Йын бакув.
13 Тиры чызг æд лæвæрттæ,
стæй адæмæн сæ хъæздыгдæртæ
агурдзысты Дæ хорзæх.
14 Паддзахы чызгæн йæ намыс —
йæ уды фидауц,
йæ дарæс — сыгъзæринæй нывæфтыд.
15 Паддзахмæ йæ фæкæнынц
нывæфтыд дарæсы,
йæ фæдыл фæцæуынц
йæ чызгæмбæлттæ.
16 Хъæлдзæгæй, цины хъæртимæ сæ
фæхонынц,
Паддзахы галуанмæ фæхизынц.
17 Дæ байзæддæгтæ раивдзысты
сæ фыдæлты,
æгас зæххыл сæ
сæвæрдзынæ хицæуттæй.
18 Дæ ном сын рох кæнын
нæ бауадздзынæн
фæлтæрæй фæлтæрмæ,
адæмтæ Дæ стаудзысты
мыггагæй мыггагмæ.

**45** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Корахы фыртты зарæг. Мелоди «Æвзонг
чызджытæ»-йы зæлтæм гæсгæ.

2 Хуыцау — нæ ныфсы мæсыг, нæ хъару,
тагъд æххуысгæнæг —
алы фыдбылызы.
3 Уымæ гæсгæ нæ фæтæрсдзыстæм,
зæхх куы сæнкъуыса
æмæ хæхтæ фурды арфмæ
куы ныккæлой,
4 дæтты уылæнтæ куы сабухой,
хæрдмæ куы фæцæуой,
æмæ хæхтæ сæ уынæрæй
куы нынкъуысой, уæд дæр.
5 Мæнæ ис уыцы цæугæдон,
йæ къабузтæй Хуыцауы сахар
кæмæн райы —
Бæрзæндтыл Бадæджы уаз цæрæн.
6 Хуыцау уым ис,
æмæ сахар нæ фæцуддзæн:
Хуыцау ын
баххуыс кæндзæни сæумæйæ.
7 Скатай сты адæмтæ,
базмæлыдысты паддзахæдтæ:
Хуыцауы хъæлæс райхъуысти,
æмæ зæхх атади.
8 Уæларвæфсады Бардарæг немæ ис,
Йаковы Хуыцау — нæ сæрылхæцæг.
9 Æрцæут æмæ уæхи цæстæй фенут
Дунедарæджы хъуыддæгтæ,
зæхх гæныстон
куыд фестын кодта, уый:
10 зæххы иу кæронæй иннæмæ
баурæдта хæстытæ,
ныссаста æрдынтæ,
æрцытæ ныцъцъæл кодта,
тохуæрдæттыл арт бафтыдта.

11 Æрсабыр ут æмæ зонут:
Æз дæн Хуыцау,
скадджын уыдзынæн
æппæт адæмты ’хсæн,
æгас зæххы цъарыл.

12 Дунедарæг Хуыцау немæ ис,
Йаковы Хуыцау — нæ сæрылхæцæг.

**46** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Корахы фыртты псалом.

2 Æрæмдзæгъд кæнут, æппæт адæмтæ,
цины хъæртæй сыстаут Хуыцауы!
3 Тасæфтауæг у
Бæрзæндтыл Бадæг Хуыцау —
æгас зæххы Стыр Паддзах!
4 Уый нæ разы басаста адæмты,
нæ къæхты бынмæ
æрæппæрста знæмты.
5 Йæхæдæг нын равзæрста
фыдæй-фыртмæйы исбон —
Йæ уарзон Йаков хъал кæмæй у,
уыцы бынтæ.
6 Цины уынæримæ
Хуыцау ссыди уæлæмæ,
ссыди Хуыцау
сыкъауадындзы зæлтимæ.
7 Кады зарæг зарут Хуыцауæн,
зарут!
Кады зарæг сисут нæ Паддзахæн,
сисут!
8 Хуыцау у æгас зæххы Паддзах,
аив зарæг Ын зарут!
9 Хуыцау у адæмты паддзах,
Хуыцау æрбадти
Йæ уаз паддзахы бадæны!
10 Адæмты фæтæгтæ
æрбамбырд уыдзысты
Авраамы Хуыцаумæ,

уымæн æмæ зæххы барджынтæ
Хуыцауы сты;
бæрзонд у Уымæн Йæ кад.

## 47 Зарæг. Корахы фыртты псалом.

2 Дунедарæг стыр у, æмæ Йæ стауынц
нæ Хуыцауы сахары.
Уым — Йæ уаз хох,
3 зæххы цъары цин,
хæхты фидыц Сион.
Йæ цæгатварс —
Паддзахы стыр сахар.
4 Йæ цæрæнты — Хуыцау, сæ армдарæг.
5 Паддзæхтæ æрæмбырд сты,
сæ ных æм саразтой,
6 фæлæ йæм куы бакастысты,
уæд дисы бафтыдысты;
хорзау нал фесты
æмæ фæстæмæ ныццавтой.
7 Ризæг сыл бахæцыди,
скатай сты арæг сылгоймагау,
8 раст цыма скæсæйнаг дымгæ
таршишаг наутæ
ныппырх кодта, уыйау.
9 Хъусæй цы фехъуыстам,
уый ныр нæхи цæстæй уынæм —
Уæларвæфсады Бардарæджы,
нæ Хуыцауы сахары —
æнустæм æй æрфидар кодта Хуыцау.
10 Дæ Кувæндоны, о Хуыцау,
нæ хъуыдытæ Дæ хорзæхыл уыдысты.
11 Хуыцау, Дæ ном æмæ Дæ кад
зæххы иу кæронæй
иннæ кæронмæ 'ххæссынц.
Дæ тæрхон кæддæриддæр у раст.
12 Райæд Сионы хох,
цин кæнæнт Иудейы чызджытæ —
Дæ раст тæрхоныл.
13 Сионы алыварс æрлæууут,
æрзилут ыл,
йæ мæсгуытæ йын банымайут.
14 Уæ зæрдыл ын бадарут йæ систæ,
йæ фидæрттæ йын бахъуыды кæнут,
цæмæй фæстагæттæн сæ кой ракæнат.
15 Ацы Хуыцау мыггагмæ у нæ Хуыцау,
æнустæм — нæ фæтæг.

## 48 Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Корахы фыртты псалом.

2 Байхъусут, æппæт адæмтæ,
уæ хъус æрдарут,
дун-дунейы æппæт цæрджытæ:
3 хуымæтæгтæ æмæ номдзыдтæ,
хъæздгуытæ æмæ мæгуыртæ.
4 Мæ дзыхæй рацæудзæни уæлзонд,
мæ зæрдæйы сагъæстæй — зонынад.
5 Мæ хъус æрдардзынæн
фæсномыг ныхасмæ,
хъисфæндыры зæлтæм
уыци-уыци райхалдзынæн.

6 Бæллæхы бон ма æз
цæмæй хъуамæ фæтæрсон,
мæнгарддзинад æмæ фыддзинад мыл
куы 'рхъула кодтой, уæд?
7 Йæ тыхæй — ныфсджын,
йæ мулкæй хъал чи у, уыдон!
8 Йæ хионы уæ ничи
балхæндзæни мæлæтæй,
йæ уды аргъ ын ничи
бафиддзæни Хуыцауæн.
9 Тынг стыр у уд балхæныны аргъ,
æмæ мыггагмæ дæр уый нæ уыдзæн,
10 цæмæй исчи æнустæм фæцæра
æмæ мæлæт ма фена.
11 Кæсыс: куырыхонтæ дæр мæлынц,
æдылытæ куыд мæлынц, афтæ,
сæ мулк та баззайы кæмæндæр.
12 Ингæн — се 'нусон цæрæн.
Афтæмæй та сæ хæдзæртты
æнусмæ цæринаг уыдысты,
суанг сæ зæххытæ дæр
рахуыдтой сæхи нæмттæй.
13 Фæлæ адæймагæн йæ кад
бирæ нæ ахæсдзæн,
амæлдзæни, фос куыд амæлынц,
афтæ.
14 Ахæм у, йæ зæрдæ йæхиуыл чи дары,
уыдоны хъысмæт,
стæй, сæ фæдыл цæуын чи уарзы,
уыдоны кæрон.
15 Фыстау сæ ныппардзысты
мæрдтыбæстæм,
мæлæт сын суыдзæни фыййау.
Ралæудзæни райсом —
рæстудтæ сыл фæуæлахиз уыдзысты;
сæ кой дæр фесæфдзæн,
сæ цæрæн суыдзæни мæрдтыбæстæ.
16 Мæн та Хуыцау
бахиздзæни мæрдтыбæстæй,
райсдзæни мæ Йæхимæ!
17 Цардыл чи фæхæст
æмæ йæ хæдзары кад
уæлæмæ кæмæн цæуы,
уымæй ма фæтæрс:
18 мæрдтæм дзы йемæ ницы ахæсдзæн
æмæ йæ кад
йæ фæдыл нæ ныххиздзæн.

19 Кæд йæ цæргæйæ
йæхи амондджыныл нымадта,
æмæ, йæхицæн амал кæй зыдта,
уый тыххæй дзы æппæлыдысты,
20 уæддæр, рухс чи нал фендзæн,
уыцы фыдæлтыл бафтдзæни.
21 Кадджын, фæлæ æнæмбаргæ чи у,
уый дæр амæлдзæн,
фос куыд амæлынц, афтæ.

## 49 Асафы псалом.

Хуыцæутты Хуыцау, Дунедарæг,
райдыдта Йæ ныхас,
дун-дунемæ сиды
скæсæнæй ныгуылæнмæ.
2 Æмбисонды рæсугъд Сионæй
Йæхи раргом кодта Хуыцау.
3 Æрцæуы нæ Хуыцау,
фæлæ нæ уыдзæни æдзæм!
Йæ разæй арт пихуылæйттæ калы,
Йæ алфамбылай — тыхджын уад.
4 Уый сиды арвмæ æмæ зæхмæ —
Йæ адæмæн тæрхон кæнынмæ:
5 «Æрæмбырд мæм кæнут
Мæ сыгъдæджыты,
нывонды уæлхъус Мемæ
фидыд чи сарæзта, уыдоны!»
6 Уæлæрвтæ расидтысты Йæ рæстад —
Хуыцау Йæхæдæг у тæрхонгæнæг.

7 «Байхъусут, Мæ адæм,
Æз уын Мæ ныхас фехъусын кæнон!
Израил, Æз дæ ныхмæ
æвдисæн лæудзынæн —
Æз Хуыцау дæн, дæ Хуыцау.
8 Дæ нывæндты тыххæй дын
нæ уайдзæф кæнын;
дæ иууылсудзинæгтæ
æдзухдæр сты Мæ разы.
9 Нæ бакомдзынæн
нæдæр род дæ хæдзарæй,
нæдæр сæгътæ дæ фосдарæнтæй —
10 хъæды алы сырд дæр Мæн у,
мингай хæхтыл фос
иууылдæр Мæн сты.
11 Æз хæхтыл алы маргъы дæр зонын,
быдырты цардудæй цыдæриддæр ис,
уыдон иууылдæр Мæн сты.
12 Куы сыстонг уаин,
уæд æй дæуæн нæ зæгъин:
дун-дуне дæр æмæ дзы
цыдæриддæр ис,
уыдон иууылдæр Мæн сты.
13 Æз, мыййаг, галы фыд хæрын
кæнæ сæгъы туг нуазын?
14 Бузныджы нывонд æрхæсс Хуыцауæн,
Бæрзæндтыл Бадæгæн
цы сомы ракодтай,
уый сæххæст кæн.
15 Дæ зыны сахат Мæ æрцагур:
Æз дæ фервæзын кæндзынæн,
æмæ Мæ ды скадджын кæндзынæ».

16 Тæригъæдджынæн та
Хуыцауы дзуапп уыдзæн:
«Мæ уагæвæрдты кой цы кæныс
æмæ Мæ фидыдыл цы дзурыс,
17 Ме ’Гъдауыл дæ къух куы ауыгътай,
Мæ ныхæстæ Мын
куы ницæмæ дарыс, уæд?
18 Давæджы куы феныс,
уæд йемæ ’мдзæхдон свæййыс,
хæтаг адæмæн — се ’мбал.
19 Дæ дзыхæй цæуы фыдгой,
де ’взаг мæнгард ныхас нывæнды.
20 Иудадзыг де ’фсымæрыл
дамтæ мысыс,
хахуыр кæныс дæ мадызæнæгыл.
21 Ды уыдæттæ кодтай,
æмæ дæм Æз ницы дзырдтон;
ды афтæ банхъæлдтай,
цыма Æз дæр дæ хуызæн дæн.
Нæ! Æз дæ базылын кæндзынæн,
дæ азымтæ дын
дæ разы æрæвæрдзынæн!»

22 Хуыцауы чи ферох кодта, уыдон!
Бамбарут уый,
науæд уæ Æз скуынæг кæндзынæн,
æмæ уæ ничи фервæзын кæндзæн.
23 Бузныджы нывонд Мын чи хæссы,
уый Мæ нымайы;
раст фæндагыл чи лæууы,
уымæн Æз раргом кæндзынæн,
Хуыцау ирвæзынгæнæг кæй у, уый.

## 50 Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Давиды псалом. 2 Давид æмæ Вирсавийы
æрæмуаты фæстæ Давидмæ пехуымпар На-
тан куы бацыди, уæд.

3 Батæригъæд мын кæн, Хуыцау,
Де стыр хорзæхмæ гæсгæ,
ссыгъдæг мæ кæн тæригъæдтæй
Де стыр уарзты хатырæй.
4 Æрæхс мын мæ азым,
ссыгъдæг мæ кæн мæ тæригъæдæй!
5 Сæттын мæ рæдыдыл,
мæ тæригъæд æдзух — мæ разы.

6 Дæ ныхмæ, æрмæст Дæ ныхмæ
ракодтон тæригъæд,
фыдракæнд сарæзтон Дæ разы:
раст у Дæ уынаффæ,
æнæхæрам у Дæ тæрхон.
7 Тæригъæдджынæй райгуырдтæн,
тæригъæдджынæй сæвзæрдтæн
мæ мады гуыбыны.
8 Æнувыд зæрдæ æхцон у Дæуæн,
Дæ уæлзондæй мын срухс кодтай
мæ миддуне.

9 Иссопæй мæ бапырх кæн,
æмæ ссыгъдæг уыдзынæн,
цæхс мæ,
æмæ митæй урсдæр суыдзынæн.
10 Цин æмæ мын хъæлдзæгдзинад ратт,
æмæ уæд райдзысты ме стджытæ —
Ды кæй ныссастай, уыдон.
11 Мæ тæригъæдтæй аздах Дæ цæсгом,
ссыгъдæг мæ кæн ме 'ппæт азымтæй.
12 О Хуыцау, ссыгъдæг мын кæн
мæ зæрдæ,
раст уд мын сног кæн мæ мидæг.
13 Ма мæ фæсур Дæхицæй,
Дæ Сыгъдæг Удæй мæ
æнæхай ма фæкæн.
14 Раздах мын
Дæ ирвæзындзинады цин,
Дæ хъомысджын Удæй мæ
сфидар кæн.
15 Æнæхуыцæуттæн бацамондзынæн
Дæ фæндæгтæ,
æмæ Дæм тæригъæдджынтæ
раздæхдзысты.
16 Туджы азымæй мæ бахиз, Хуыцау,
мæ ирвæзынгæнæг Хуыцау,
æмæ ме 'взаг стаудзæни Дæ рæстад.
17 О Дунедарæг,
байгом мын кæн мæ дзых,
æмæ Дæ стаудзынæн!
18 Уымæн æмæ Ды нывонд
нæ агурыс мæнæй,
иууылсудзинæгтæ Дын æхцон не сты.
19 Саст зæрдæ —
æцæг нывонд Хуыцауæн;
ныфссаст æмæ сæрныллæг зæрдæйыл
Ды Дæхи нæ атигъ кæндзынæ, Хуыцау.
20 Дæ хорзæхтæй схайджын кæн Сионы,
Йерусалимы систæ самай!
21 Уæд Дын æхцон уыдзысты
рæстады нывæндтæ,
хуынтæ æмæ иууылсудзинæгтæ;
уæд уæнгуытæ æрæвæрдзысты
Дæ нывондхæссæныл.

**51** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Давиды зондамонæн псалом. 2 Едомаг Доег
Саулмæ кæй бацыди æмæ Давиды, Ахи-
мелехы хæдзары йæ федтон, зæгъгæ, кæй
банымыгъта, уый фæдыл.

3 Цы 'ппæлыс дæ фыдракæндæй,
тыхджын?
Хуыцауы хорзæх иудадзыг мемæ ис.
4 Де 'взаг нывæнды
сæрысæфты фæндтæ,
цыргъ сæрдасæнау дын мæнгард у.
5 Фыддзинад дын хорз
ракæнынæй — æхцондæр,
мæнгдзинад та —
раст ныхæстæ дзурынæй.
6 Уарзыс ды, сæфтмæ чи кæны,
ахæм ныхæстæ,
мæнгард æвзаг дын у æхцон.
7 Уый тыххæй дæ Хуыцау
фесафдзæни æнусмæ,
фелвасдзæн дæ æмæ дæ
фехсдзæни дæ цатырæй,
æд уидаг дæ срæдувдзæни
удæгæсты зæххæй.
8 Уый фенгæйæ,
тас бацæуудзæни рæстудты,
фæхуддзысты дыл æмæ зæгъдзысты:
9 «Ацы адæймагæн йæ ныфс
Хуыцау нæ уыди,
йæ зæрдæ дардта йæ бирæ мулкыл,
йæ фыдракæндты фæрцы
схъæздыг ис».
10 Æз та — Хуыцауы хæдзары
цъæх чи дары,
уыцы оливæ бæласау,
Хуыцауы хорзæхыл
мæ зæрдæ дардзынæн мыггагмæ.
11 О Хуыцау, стаудзынæн Дæ æнусмæ
Дæ хъуыддæгты тыххæй.
Мæ зæрдæ дардзынæн Дæ номыл —
иузæрдион Дыл чи у,
уыдонæн уый фарн хæссы.

**52** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
«Махалат»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды зонда-
монæн псалом.

2 Æнæзонд дзуры йæ мидзæрдæйы:
«Хуыцау нæй».
Адæм фехæлдысты,
æбуалгъ митыл бафтыдысты;
хорз хъуыддаг аразæг нал ис.
3 Хуыцау уæларвæй фæлгæсы адæммæ,
кæсы: цымæ се 'хсæн,

Хуыцауы чи агуры,
ахӕм иу ӕмбаргӕ адӕймаг ис?
4 Се 'ппӕт дӕр адзӕгъӕл сты,
фехӕлдысты се 'ппӕт дӕр;
хорздзинад ничиуал кӕны,
иунӕг адӕймаг дӕр.
5 «Ау, не 'рӕмбардзысты
фыдгӕнджытӕ,
мӕ адӕмы мын дзулы хӕрд чи кӕны
ӕмӕ Хуыцауы чи нӕ агуры, уыдон?»
6 Ӕппындӕр сын тас кӕм
ницӕмӕй уыд,
уым сыл ӕвиппайды
ӕвирхъау тас ӕртыхсдзӕн.
Хуыцау дын де знӕгты стджытӕ
ныххӕлиу кӕндзӕн,
фӕхудинаг сӕ кӕндзынӕ,
уымӕн ӕмӕ сыл Хуыцау
атигъ кӕндзӕн Йӕхи.
7 Тӕхуды ӕмӕ Израилӕн
Сионӕй ирвӕзынддзинад
лӕвӕрд куы 'рцӕуид!
Хуыцау Йӕ адӕмы
уацарӕй куы раздаха,
уӕд Йаков ныццин кӕндзӕни,
ӕмӕ Израил райдзӕни.

**53** Зарӕггӕнджыты къорды разамонӕгӕн. Хъисфӕндырты цагъдимӕ. Давиды зондамонӕн псалом, 2 зифӕгтӕ Саулмӕ куы ссыдысты ӕмӕ Давиды, йӕхи нӕ бӕстӕйы ӕмбӕхсы, зӕгъгӕ, куы банымыгътой, уӕд.

3 О Хуыцау, фервӕзын мӕ кӕн
Дӕ номы руаджы,
Дӕ хъаруйы фӕрцы мын
равзар мӕ хъаст.
4 О Хуыцау, фехъус мын мӕ куывд,
Дӕ хъус ӕрдар мӕ дзыхы ныхасмӕ.
5 Ӕцӕгӕлӕттӕ сыстадысты мӕ ныхмӕ,
ӕгъатыртӕ мӕ хъавынц амарынмӕ,
Хуыцауы дӕр ницӕмӕуал дарынц.
6 Фӕлӕ мӕнӕн Хуыцау ӕххуыс кӕны,
Дунедарӕг мӕ удылхӕцӕг у,
7 мӕ фыдгулты бафхӕрдзӕн
сӕ фыдракӕндты аххосӕй.
Дӕ иузӕрдиондзинад равдис:
фесаф сӕ!
8 Дунедарӕг, ӕз Дын нывонд
ӕрхӕсдзынӕн зӕрдиагӕй,
Дӕ фарнхӕссӕг ном Дын стаудзынӕн.
9 Уымӕн ӕмӕ мӕ Ды
бахызтай алы фыдбылызӕй,
ӕмӕ ныр уӕлахизӕй
кӕсын мӕ фыдгултӕм.

**54** Зарӕггӕнджыты къорды разамонӕгӕн. Хъисфӕндырты цагъдимӕ. Давиды зондамонӕн псалом.

2 О Хуыцау, фехъус мын мӕ куывд,
мӕ лӕгъстӕйыл мын Дӕхи
ма атигъ кӕн!
3 О, фехъус мӕ ӕмӕ мын дзуапп ратт!
Хъӕрзын мӕ мастӕй,
катайы бацыдтӕн,
4 уымӕн ӕмӕ знаджы хъӕлӕс
хъусын.
Мӕ фыдгултӕ мӕ ссӕндынц,
мӕнг даутӕ мыл ӕххуырсынц.
Мӕстӕй судзгӕйӕ,
тох кӕнынц мӕ ныхмӕ.
5 Мӕ зӕрдӕ сӕнкъуысы мӕ мидӕг,
мӕлӕтдзаг тасӕй уадзыгау фӕдӕн.
6 Фыр тӕссӕй ӕмризӕджы ризын,
фыд азар мӕ ӕрбалвӕста.
7 Ӕз загътон:
«Тӕхуды ӕмӕ мын исчи
бӕлоны базыртӕ куы раттид,
ӕз атӕхин ӕмӕ ӕнцой ссарин.
8 Дард фӕтӕхин,
ӕдзӕрӕг быдыры ӕрцӕрин,
9 ӕвӕстиатӕй бамбӕхсин мӕхи
тыхдымгӕ ӕмӕ уадӕй».

10 О Дунедарӕг, схъомпал сӕ кӕн,
сӕ ныхас кӕрӕдзиуыл
куыннӕуал бада, —
ӕз сахары уынын
хъаугъатӕ ӕмӕ тыхми.
11 Ӕхсӕвӕй-бонӕй зилдух кӕнынц
сахары систыл,
йӕ мидӕг та —
фыдракӕндтӕ, бӕллӕхтӕ.
12 Сахар цӕуы сӕфтмӕ,
йӕ уынгты 'рцардысты
фӕлывд ӕмӕ мӕнгарддзинад.
13 Знаг нӕ кӕны мӕ фыдгой —
ӕз уымӕн бафӕразин.
Йе сӕфт мӕ чи уыны,
уый мӕм нӕ кӕсы былысчъилӕй —
мӕхи дзы иуварс аласин.
14 Фӕлӕ ды, мӕхицӕн ӕрдхорд
кӕмӕй загътон,
ӕмбалыл ӕмӕ уарзон хӕларыл
кӕй нымадтон!
15 Иумӕ-иу зӕрдӕбын ныхас кодтам,
Хуыцауы хӕдзармӕ дӕр
иумӕ цыдыстӕм.

16 Сӕ мӕлӕт ссарӕнт,

цæрдудæй мæрдтыбæстæм
ныххизæнт,
уымæн æмæ сæ хæдзæртты
æрцарди фыддзинад!
17 Æз та сдзынæзтон Хуыцаумæ,
æмæ мæ Дунедарæг
фервæзын кæндзæн.

18 Изæрæй уа, райсомæй æви æмбисбон —
дзыназдзынæн æмæ
лæгъстæ кæндзынæн,
æмæ мын Уый
фехъусдзæни мæ хъæлæс.
19 Мæ ныхмæ хæст чи расидти,
уыдон цыфæнды бирæ куы уой,
уæд дæр мæ Уый
сæрæгасæй ныууадздзæн.
20 Йæ паддзахдзинад æнусон Кæмæн у,
Уыцы Хуыцау мын
мæ куывд фехъусдзæн
æмæ сæ басæтдзæн,
уымæн æмæ, цы уыдысты,
уымæй баззадысты,
нæ тæрсынц Хуыцауæй.
21 Семæ хæларæй чи цæры,
уыдонмæ сæ къух систой,
сæ фидыд фехæлдтой.
22 Сæ ныхас — сойæ лæгъздæр,
сæ зæрдæйы та — хæст.
Сæ ныхæстæ —
оливæйы сойæ фæлмæндæр,
афтæмæй сын
æлвæст кардæй уæлдай не сты.
23 Дунедарæгыл бафæдзæхс дæхи,
æмæ дын Уый ахъаз бакæндзæн,
раст адæймаджы мыггагмæ дæр
фæцудын нæ бауадздзæн.
24 О Хуыцау, Ды уыдоны
сæрсæфæнмæ фехсдзынæ;
тугцъиртæ æмæ мæнгæрдтæ
сæ царды æмбис дæр
нæ фæцæрдзысты.
Æз та мæ зæрдæ дарын Дæуыл.

**55** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Дард ран бадæг æдзæм бæлон»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды кадæг. Филистимæгтæ йæ Гаты сахары куы 'рцахстой, уæд.

2 О Хуыцау, батæригъæд мын кæн!
Адæм мæ фæдыл зилынц,
лæбурынц мæм,
ссæндынц мæ æрвылбон.
3 Ме знæгтæ æнæхъæн бон
мæ фæдыл зилынц,
бирæ сты мæ ныхмæ тохгæнджытæ.
4 Тасы куы бацæуын,
уæд мæ зæрдæ Дæуыл фæдарын.
5 Кæй дзырдæй æппæлын,
уыцы Хуыцау мæ ныфс у,
æмæ нæ тæрсын:
цы мын ракæндзæн адæймаг?
6 Æрвылбон мын уыдон фауынц
мæ хъуыддæгтæ æмæ мæ ныхæстæ,
цы фыд мын ракæной,
ууыл сты сæ хъуыдытæ.
7 Фыдвæндтæ кæнынц,
бабадынц мæ размæ,
мæ алы къахдзæф дæр мын
хъахъхъæнынц,
цæмæй мæ уд бахауа сæ ахæсты.
8 Ау, сæ азым
æнæ 'фхæрдæй баззайдзæн?
О Хуыцау,
Дæ азары хай бакæн адæмты!
9 Дæумæ фыст сты ме 'ппæт тухæнтæ,
мæ цæссыгтæ мын
Дæ мигæнæны нывæр,
уадз æмæ Дæ чиныджы уой.
10 Куыддæр Дæм скувын,
афтæ ме знæгтæ
лидзæг фæвæййынц —
уымæй базонын,
Хуыцау ме 'вварс кæй у, уый.
11 Кæй ныхас стауын, уыцы Хуыцауыл,
Кæй дзырд стауын,
уыцы Дунедарæгыл
12 мæ зæрдæ дарын æмæ нæ тæрсын:
цы мын ракæндзæн адæймаг?
13 О Хуыцау, æз Дæ разы
сæххæст кæндзынæн мæ сомытæ,
æрхæсдзынæн Дын
арфæйы нывæндтæ!
14 Уымæн æмæ мын Ды
мæ уд бахызтай мæлæтæй,
мæ къæхтæ — фæкæлынæй,
цæмæй Хуыцауы раз
царды рухсы цæуон.

**56** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Ма мæ фесаф»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды куывд, Саулæй лæгæты йæхи куы баауон кодта, уæд.

2 Батæригъæд мын кæн, Хуыцау,
батæригъæд мын кæн!
Дæуыл дарын мæ зæрдæ.
Дæ базыры бын мæ бакæн,
цалынмæ мæм
фыдбылыз кæсы, уæдмæ!

3 Æз дзыназын
Иууылбæрзонд Хуыцаумæ,
Чи мыл ауды, Уымæ.
4 Уый мын Йе ’ххуыс
æрæрвитдзæн уæларвæй
æмæ мæ фервæзын кæндзæн,
фегад кæндзæн Мæ фæдылзилджыты.
Хуыцау мыл æруадздзæни Йæ хорзæх,
Йе ’цæгады фарн.
5 Тугдзых домбæйтты,
лæгхорты ахæсты фæдæн.
Сæ дæндæгтæ — æрцытæ æмæ фаттæ,
се ’взæгтæ — цыргъ кæрдтæ.
6 О Хуыцау, арвæй бæрзонддæр
уæд Дæ кад,
тæмæнтæ калæд æгас зæххы сæрмæ!

7 Мæ къæхты размæ мын
сæвæрдтой къæппæг,
æмæ мæ удæн асасти йæ ныфс;
мæ фæндагыл скъахтой уæрм,
фæлæ дзы ныххаудысты сæхæдæг.
8 Мæ зæрдæ фæфидар ис, Хуыцау,
фæфидар ис мæ зæрдæ:
æз зардзынæн,
зарæгæй Дæ стаудзынæн.
9 Уæдæ райхъал у, мæ уд,
райхъал ут,
дыууадæстæнон æмæ хъисфæндыр!
Æз хуры дæр райхъал кæндзынæн!
10 Дунедарæг, æппæт адæмты ’хсæн Дæ
стаудзынæн,
алы знæмты раз Дын кады зарæг
сисдзынæн!
11 Дæ хорзæх хæццæ кæны уæлæрвтæм,
Дæ иузæрдиондзинад — æврæгъты онг!
12 О Хуыцау,
арвæй бæрзонддæр уæд Дæ кад,
тæмæнтæ калæд æгас зæххы сæрмæ!

**57** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Ма мæ фесаф»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды куывд.

2 Уæ уынаффæтæ уæм раст кæсынц,
тæрхонгæнджытæ?
Раст тæрхон хæссут адæмæн?
3 Уæ мидзæрдæйы
фыдвæндтæ нывæндут,
зæххыл уæ къухтæ аразынц тыхми.
4 Æнæхуыцæуттæ сæ райгуырдæй
фæстæмæ
галиу фæндагыл лæууынц,
сæ райгуырынæй
адзæгъæл сты, сайынц.
5-6 Сæ марг у калмы марг,
сæхæдæг та,
йæхи чи никъкъуырма кæны,
кæлæнгæнæджы хъæлæс
ма фехъусон, зæгъгæ,
уыцы маргджын калмау.
7 О Хуыцау, сæ дæндæгтæ сын базгъал!
О Дунедарæг, домбæйттæн
се ’фсæртæ ныппырх кæн!
8 Фесæфæнт зæххы ахъарæг донау!
Се ’рдынбостæ куы айвазой,
уæд сæ фæттæ асæттæнт!
9 Фесæфæнт йæ хъузгæй ралæсæг
сæтæлæгау!
Боны рухс ма фенæнт æфтыддагау!

10 Цы сыл æрбамбæлд,
уый æмбаргæ дæр
нæма бакæндзысты,
афтæмæй фæцыдæр уыдзысты,
карз уад куы рацæуы, уæд
какон сындзытæ, ичъи æмæ амахос,
цъæхæй, хусæй
куыд фæцыдæр вæййынц, афтæ.

11 Рæстуд цинæй райдзæни,
Хуыцау ын æнæхуыцæуттæй
йæ маст куыд райста, уый фенгæйæ,
æмæ йæ къæхтæ æнæхуыцæутты
туджы æрæхсдзæн.
12 Адæм зæгъдзысты:
«Рæстуд йæ хæрзиуæджы хай
райста!
Æцæгдæр ис Хуыцау,
зæххыл тæрхон Чи кæны, Уый!»

**58** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Ма мæ фесаф»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды куывд, Саул ын йæ хæдзармæ марджытæ куы барвыста, уæд.

2 О мæ Хуыцау!
Мæ фыдгултæй мæ бахиз!
Мæ ныхмæ чи сыстад,
уыдонæй мæ бахъахъхъæн!
3 Бахиз мæ фыдгæнджытæй,
тугцъиртæй мæ фервæзын кæн!
4 Амарынвæнд мæ скодтой,
бабадтысты мæ размæ.
О Дунедарæг,
нæдæр фыдракæнд саразтон,
нæдæр — тæригъæд,
афтæмæй мыл æртыхстысты
тыхгæнджытæ!
5 Аххосджын нæ дæн,

афтæмæй хæстифтонгæй
æмбырдтæ кæнынц.
Фæзын мæм æххуысмæ,
æркæс мæ уавæрмæ!
6 О Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг,
Израилы Хуыцау!
Æппæт адæмты бафхæрынмæ раст!
Гадзрахатæй Дыл чи рацыд —
иунæгыл дæр ма бацауæрд!
7 Æрвылизæр фæзынынц,
сахары алыварс зилынц куыйтау.
8 Сæ дзыхæй фауæн ныхас рацæуы,
кардæй уæлдай не сты се 'взæгтæ.
«Чи нæ фехъусдзæн?» —
хъуыды кæнынц уыдон.
9 Фæлæ сыл Ды фæхуддзынæ,
Дунедарæг,
æппæт адæмты сæгад кæндзынæ.
10 Ды — мæ хъару,
æз мæ зæрдæ дарын Дæуыл;
Ды — мæ ныфсы мæсыг.
11 Хуыцау мыл ауды,
Уый цæудзæни мæ разæй;
Хуыцауы фæрцы
ме знæгтæм уæлахизæй кæсдзынæн.
12 Маргæ сæ ма акæн,
уадз, мæ адæмæй мацы ферох уа.
Ныффæйлау сæ Дæ хъаруйæ,
сæ зонгуытыл сæ 'рлæууын кæн.
О Дунедарæг, Ды — нæ уарт!

13 Сæ тæригъæд —
сæ дзыхæй рацæугæ ныхæстæ,
куыд схъал сты,
афтæ сæхи хызы бахауæнт;
сæ былалгъыл —
мæнг ард æмæ мæнгдзинад.
14 Дæ азары хай сæ бакæн!
Фесаф сæ, сæ кой дæр
куыннæуал баззайа!
Уадз, зæххы цъарыл алчидæр базона,
Йаковы фæдонтæн
Хуыцау сæ хицау кæй у, уый.
15 Уыдон æрвылизæр æрбаздæхынц,
сахары алыварс зилынц куыйтау.
16 Къæбæр агурæг зилынц
æмæ, сыдæй мæлгæйæ, ниуынц.
17 Æз та зардзынæн Дæ тыхыл,
сæумæйæ расиддзынæн Дæ хорзæх,
уымæн æмæ фыдбылызы заман
Ды уыдтæ мæ хъахъхъæнæг,
мæ мæсыг.
18 Ды — мæ хъару,
зарæджы Дæ стаудзынæн.
Хуыцау — мæ мæсыг,
Хуыцау ауды мæныл!

**59** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
«Шушан едут»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды
зарæг — ахуыр кæнынæн. Фыст æрцыдис,
2 Арам-Нахараим æмæ Арам-Цовайы бæс-
тæтæ куы басаста, Йоав та, фæстæмæ здæх-
гæйæ, Цæхджын дæлвæзы едомæгтæй дыу-
уадæс мины куы ныццагъта, уæд.

3 О Хуыцау! Хъоды ныл бакодтай,
ныццагътай нæ,
смæсты нæм дæ,
фæлæ та нæ Дæ хорзæхы аккаг скæн.
4 Ды ризæг бахæцын кодтай зæххыл,
ныскъуыдтæ йæ кодтай;
сдзæбæх ын кæн йæ хъæдгæмттæ —
фезмæлыдис йæ бынатæй.
5 Дæ адæмæн
бавзарын кодтай фыдбылызтæ,
сæрзилæн сæн нын бадардтай.
6 Сис Дæ тырыса,
Чи Дæ тæрсы, уыдоны сæрмæ,
цæмæй йæ иумæ
фатты ныхмæ айтындзой,
7 цæмæй Дæ уарзон адæм фервæзой.
Дæ рахиз къухæй нæ фервæзын кæн,
нæ куывд нын фехъус.

8 Дунедарæг Йæ Кувæндоны загъта:
«Æз фæуæлахиз уыдзынæн,
байуардзынæн Шехемы зæхх,
Суккоты дæлвæз
ныддихтæ кæндзынæн.
9 Мæн у Галаад,
Менассиа дæр — Мæн;
Ефрем у Ме згъæрхуд,
Иудæ — Мæ паддзахлæдзæг,
10 Моав — Мæ хихсæн тас.
Мæ дзабыр аппардзынæн Едомыл,
филистимæгты зæххыл
айзæлдзæни Мæ цины хъæр!»
11 Ырухгæд сахармæ мæ
чи бакæндзæн?
Чи мæ акæндзæн Едомы онг?
12 Уый Ды нæ уыдзынæ,
нæ Хуыцау?
Де 'ргом нæ куы аздæхтай,
не 'фсадимæ хæстмæ
куынæуал цæуыс!
13 Тыхст заманы нын баххуыс кæн, —
адæймагыл зæрдæ дарæн нæй.
14 Хуыцауимæ уæлахиз кæндзыстæм,
Уый нын басæтдзæнис не знæгты.

**60** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Хъисфæндырты цагъдимæ. Давиды псалом.

2 О Хуыцау, фехъус мын ме 'рдиаг!
Айс мын мæ куывд!
3 Зæххы кæронæй Дæм
æрхæндæг зæрдæйæ дзыназын.
Къæдзæхы сæрмæ мæ сис —
мæхи бон нæу уырдæм схизын.
4 Ды — ме 'мбæхсæн,
мæ фидар мæсыг знæгты ныхмæ.
5 Уадз, æнусмæ Дæ цатыры 'рцæрон,
Дæ базыры бын ссарон æнцой.
6 О Хуыцау, фехъуыстай мын
мæ сомытæ,
чи Дæ тæрсы, уыдонимæ мын
исбон радтай.
7 Паддзахæн бирæ цæрæнбон ратт,
фæлтæрæй фæлтæрмæ
куыд фæцæра, афтæ;
8 мыггагмæ Хуыцауы раз
паддзахиуæг куыд кæна,
уырныдзинад æмæ рæстдзинад æй
куыд хъахъхъæной.
9 Дæ номы кадæн
зардзынæн мыггагмæ,
мæ сомытæ 'ххæст кæндзынæн
æрвылбон.

**61** Зарæггæнджыты къорды разамонæг Йедутунæн. Йедутуны мелодимæ гæсгæ. Давиды псалом.

2 Æрмæстдæр мын
Хуыцау ратты æнцой,
Уый мæ фервæзын кæндзæн.
3 Æрмæстдæр Уый у
мæ айнæг къæдзæх,
мæ Ирвæзынгæнæг,
мæ фидар гæнах —
æз никуы фæкæлдзынæн.

4 Кæд ныууадздзыстут
уæ фыдракæндтæ?
Уæ зæрды ис адæймаджы амарын!
Сымах стут кæлæддзаг къулы,
саст гæрæны 'нгæс.
5 Уæ зæрды ис адæймаджы
бæрзондæй зæхмæ фехсын,
фæливын уын æхсызгон у.

Дзыхы ныхасæй арфæтæ кæнынц,
зæрдæйæ та — æлгъитгæ.
6 Æрмæст Хуыцаумæ
ссар æнцой, мæ уд!
Мæ зæрдæдарæн Уый у!
7 Иунæг Хуыцау — мæ айнæг къæдзæх,
мæ Ирвæзынгæнæг,
мæ хъахъхъæнæг сис —
æз никуы фæкæлдзынæн.
8 Хуыцау — мæ Ирвæзынгæнæг, мæ кад,
мæ фидар къæдзæх, ме 'мбæхсæн.
9 О адæм! Уæ зæрдæ Йыл
кæддæридæр дарут,
æргом Ын кæнут уæ
зæрдæйы сусæгтæ;
нæ ныфсы мæсыг — Хуыцау.
10 Адæймаг ницы у,
лæджы фырттæ сты мæнг;
барæнтыл сæ куы æрæвæрай,
уæд иууылдæр иумæ —
уæлдæфæй рогдæр.
11 Давæггæгтæй ма ут ныфсджын,
æфтиæгты фæрцы
ма фервæссут уæхиуыл,
куы схъæздыг уат, уæд уæ зæрдæ
мулчы фæдыл ма сæрра уæд.
12 Дунедарæг æй иу хатт загъта,
хъусгæ та йæ дыууæ хатты фæкодтон:
хъару Дунедарæгмæ ис.
13 О Дунедарæг, Дæумæ ис хорзæх.
Ды алкæмæн дæр
йæ хъуыддæгтæм гæсгæ бафидыс.

**62** Давиды псалом. Иудейы æдзæрæг быдыры куы уыди, уæд.

2 О Хуыцау! Ды мæ Хуыцау дæ,
сæумæйæ Дæм тырнын.
Дæумæ бæллы мæ уд,
æнæдон, хус æдзæрæг быдыры,
Дæу мысгæйæ, æз баруайын.
3 Раргом мæм Дæ Кувæндоны,
федтон Дын Дæ кад æмæ Дæ хъару.
4 Дæ хорзæх мын цардæй у зынаргъдæр,
æмæ Дæ стаудзынæн.
5 Цæрæнбонты Дын арфæ кæндзынæн,
хæрдмæ мæ къухтæ сдардзынæн
Дæ номыл.
6 Мæ уд цыма сойæфсæст у, уыйау
райгæйæ Дæ стауы ме 'взаг.
7 Мæ хуыссæны дæр Дæ æрымысын,
æхсæвыгон дæр Демæ сты
мæ хъуыдытæ.
8 Уымæн æмæ Ды — мæ сæрылхæцæг,
Дæ базыры бын цин кæнын.
9 Дæуыл æнцайы мæ уд,
Дæ рахиз къух мæ хъахъхъæны.
10 Ме сæфтмæ чи бæллы,
уыдон авд дæлдзæхы ныххауæнт;

11 кардылæфтыд фæуæнт,
хъæддаг куыйтæ сæ бахæрæнт!
12 Паддзах та цин кæндзæни Хуыцауыл.
Хуыцауæй сомыгæнджытæ
райдзысты,
фæливджытæ та багомыг уыдзысты.

**63** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Давиды псалом.

2 О Хуыцау, фехъус мын мæ куывд,
знаджы тасæй мæ бахиз;
3 мæнгард лæгты фыдвæндтæй,
фыдгæнджыты фыдракæндтæй мæ
бахъахъхъæн.
4 Се 'взæгтæ карды комау
сцыргъ кодтой,
суагътой сæ фаттæ —
маргæйдзаг ныхæстæ,
5 цæмæй сусæгæй æнаххосы фехсой.
Æваст æй фехсдзысты — нæ тæрсынц.
6 Фыдвæндтæ аразынц,
тæрхæттæ кæнынц,
сæ ахсæн хыз
хуыздæр кæм сæвæрой, ууыл.
Дзурынц: «Цæй, чи нæ фендзæн?»
7 Фыдвæндтæ аразынц, фæзæгъынц:
«Хорз фæнд æрымысыдыстæм!
Нæ зæрды цы ис, уый ничи зоны!»
8 Хуыцау сæ фехсдзæни Йæ фатæй,
æвиппайды фæмард уыдзысты.
9 Се 'взаг сæ фесафдзæн,
чи сæ уына,
уыдон сæ дæрдты лидздзысты.
10 Æмæ тас бацæудзæн адæмы,
дзурдзысты Хуыцауы хъуыддагыл,
бамбардзысты — Уый Хуыцау сарæзта.
11 Рæстгæнæг та Дунедарæгыл
цин кæндзæн
æмæ Йыл йæ зæрдæ дардзæн.
Рæстзæрдæтæ Йæ
се 'ппæт дæр стаудзысты.

**64** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Давиды псалом. Зарæг.

2 Хуыцау! Кады аккаг Ды дæ Сионыл,
нæ сомытæ сæххæст кæндзыстæм
Дæ разы.
3 Ды адæймагæн хъусыс йæ куывд,
Дæу агуры алчи.
4 Мæ тæригъæдтæ мыл
уæлахиз кæнынц;
Ды нæ ссыгъдæг кæндзынæ
нæ азымæй.
5 Тæхудиаг у, Ды кæй равзæрстай,
Дæхимæ кæй æрбаввахс кодтай, уый.
Дæ уаз Кувæндоны, Дæ хæдзары
мах амондджын уыдзыстæм.
6 О, карз æмæ раст тæрхонгæнæг,
фехъус нæ!
О Хуыцау, нæ Ирвæзынгæнæг!
Æппæт зæххон цæрджытæн,
денджызы фале дард бæстæтæн
Ды дæ сæ ныфс.
7 Дæ хъаруйы фæрцы
æрæвæрдтай хæхтæ,
хъомысæй сфæлыстай Дæхи.
8 Ды 'рсабыр кæныс
денджызы уылæнтæ,
змæнтæг адæмты.
9 Зæххы кæрæтты Де 'вдисæйнæгтæй
адæм фыр тæссæй ризынц,
скæсæн æмæ Дæ ныгуылæны
стауынц.
10 Ды аудыс зæххыл,
донæй йæ 'фсадыс,
дæттыс ын бæркад.
Хуыцауы цæугæдон донæй хъæздыг у.
Ды æрзайын кæныс хор —
ахæм æгъдау радтай зæххæн.
11 Йæ ауæдзтæ йын донæй бафсадыс,
ныммур ын кæныс йæ къуыбæрттæ,
æрфæлмæн æй кæныс
уарыны æртæхтæй,
йæ тыллæгыл æруадзыс Дæ арфæ.
12 Дæ хорзæхæй нæ куы
схайджын кæныс,
уæд аз — бæркадджын,
13 быдыры сæрвæттæ — сойджын,
къуыбыртæ — цинæй фæлыст;
14 фæзты — бирæ фос,
дæлвæзтæ нал фæзынынц хорæй,
цин фæкæнынц æмæ зарынц.

**65** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Зарæг. Псалом.

Сыстаут Дунедарæджы,
æппæт зæххон цæрджытæ!
2 Сыстаут Ын Йæ ном,
скад Ын кæнут!
3 Зæгъут Хуыцауæн:
«Куыд тæссаг сты Дæ хъуыддæгтæ!
Дæ хъомысы фæрцы Де знæгтæ
æрсæтдзысты Дæ разы.
4 Æппæт зæххон цæрджытæ
æрзоныг кæнæнт Дæ разы,
зарæнт Дæ кадæн,
Дæ номы кадæн зарæнт!»

5 Æркæсут-ма,
Хуыцау цы сарæзта, уымæ:
Йæ хъуыддæгтæ
тасы æфтауынц адæмы.
6 Уый денджыз фестын кодта сурзæхх;
цæугæдоны сæрты
фистæгæй цыдыстæм
æмæ цин кодтам Йæ разы!
7 Йæ хъомысы фæрцы
паддзахиуæг кæндзæн æнусмæ;
Уый æппæт адæмтæм Йæ цæст дары,
цæмæй змæнтджытæ ма сыстой.
8 Адæмтæ!
Арфæ ракæнут нæ Хуыцауæн,
скад Ын кæнут хъæрæй!
9 Уый нын нæ цард хъахъхъæны
æмæ нæ фæцудын нæ уадзы.
10 Фæлвæрдтай нæ, Хуыцау,
стайын нæ кодтай æвзистау.
11 Ахсæн хызы нæ баппæрстай,
хъæдамантæ ныл сæвæрдтай,
12 адæймаджы дæлбар нæ бакодтай.
Зындоны хъиамæт бавзæрстам мах,
æмæ нæ Ды ракодтай сæрибармæ.
13 Дæ Кувæндонмæ
иууылсудзинæгтæ бахæсдзынæн,
мæ сомы сæххæст кæндзынæн
Дæ разы —
14 уынгæг заман
мæ дзыхæй чи рацыди, уый.
15 Иууылсудзинаг нывæндтæ Дын
æрхæсдзынæн,
хæрзхаст фысты фиу Дын
ссудздзынæн,
галтæ æмæ сæгътæ Дын
æрхæсдзынæн нывондæн.
16 Хуыцауæй чи тæрсы,
уыдон æрбацæуæнт æмæ байхъусæнт:
цы мын сарæзта,
уый уын дзурдзынæн.
17 Скуывтон Æм, скад Ын кодтон
мæ дзыхы дзырдæй.
18 Мæ зæрдæйы хæрамæй
исты куы уыдаид,
уæд мын Бардарæг
мæ куывд нæ айстаид.
19 Фæлæ мæ фехъуыста Хуыцау,
мæ куывд мын айста.
20 Арфæгонд у, мæ куывдыл мын Йæхи
Чи нæ атигъ кодта,
Йæ хорзæхæй мæ Чи схайджын кодта,
уыцы Хуыцау.

**66** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Хъисфæндырты цагъдимæ. Псалом. Зарæг.

2 О Хуыцау, батæригъæд нын кæн
æмæ нын арфæ ракæн.
Дæ рухс цæстæй нæм ракæс,
3 цæмæй зæххы цъары æппæт адæмтæн
раргом уа Дæ фæндаг,
Дæ ирвæзындзинад.
4 О Дунедарæг, адæмтæ Дæ стауæнт,
кад Дын кæнæнт æппæт адæмтæ!
5 Дзыллæтæ цин кæнæнт æмæ райæнт:
Ды адæмтæн кæныс
æнæхæрам тæрхон,
раст фæндаг амоныс дзыллæтæн.
6 О Хуыцау, адæмтæ Дæ стауæнт,
кад Дын кæнæнт æппæт адæмтæ!

7 Зæхх тыллæг радта;
Хуыцау нын арфæ ракæнæд,
нæ Хуыцау.
8 Нæ Хуыцау нын раарфæ кæнæд.
Йæ разы адæм æмризæджы ризæнт
æгас зæххы кæрæтты.

**67** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Давиды псалом. Зарæг.

2 Растæд Хуыцау,
Йæ фыдгулты ныххæлиу кæнæд,
Йе сæфт Дзы чи уыны,
уыдон лидзæг фæуæнт Йæ цурæй.
3 Фæздæг уæлдæфы куыд æрбайсæфы,
мыдадз арты куыд атайы,
афтæ æнæхуыцæуттæ
бабын уæнт Хуыцауы раз!
4 Рæстгæнджытæ та цин кæнæнт,
райæнт Хуыцауы раз.

5 Хуыцауы кадæн зарут!
Стаут ын Йæ ном!
Æврæгътыл Чи рацæуы,
Уымæн скад кæнут!
Йæ ном — Дунедарæг!
Цинæй райут Йæ разы!
6 Сидзæртæн — сæ фыд,
сидзæргæстæн сæ сæрылхæцæг —
Хуыцау Йæ уаз цæрæны.
7 Иунæджытæн Хуыцау
бинонтæ ратты,
ахæстыты суæгъд кæны
сæ рæхыстæй,
змæнтджытæ та баззайынц
хурсыгъд æдзæрæг быдыры.

8 О Хуыцау!
Ды Дæ адæмы разæй куы цыдтæ,
Ды куы цыдтæ æдзæрæг быдырыл,

9 уæд зæхх æнкъуысти;
Хуыцауы, Израилы Хуыцауы раз,
къæвда уарыди арвæй.
10 О Хуыцау, Дæ исбоныл-иу
парахатæй къæвда æруагътай,
æмæ-иу фæлмæцыд адæм
сулæфыдысты.
11 Уыцы зæххыл æрцардысты
Дæ адæм,
æмæ дзы Ды, Хуыцау,
мæгуырты барæвдыдтай
Дæ бирæ хæрзтæй.

12 Дунедарæг загъта Йæ ныхас,
æмæ Йын æй сылгоймæгты
æнæнымæц æфсад
хъусын кæндзæни дунейыл.
13 Паддзæхтæ æмæ се 'фсæдтæ
лидзæг фесты,
хæдзаргæс сылгоймæгтæ та
хъæздыг æфтиаг уарынц.
14 Кæд уæ хæдзæртты
арты фарсмæ бадут,
уæддæр тæмæн калдзыстут,
йæ базыртæ æвзистау
кæмæн æрттивынц,
йæ пакъуы та
сыгъдæг сыгъзæринау кæмæн у,
уыцы бæлætты хуызæн.
15 Æппæтхъомыс а зæххы паддзæхты
куы ныххæлиу кодта,
уæд Цалмоны хохыл
цыма мит ныууарыд.

16 О Хуыцауы хох, Башаны хох!
О бæрзонд хох, Башаны хох!
17 Бæрзонд хæхтæ,
хæлæггæнгæ цы ныккастыстут,
Хуыцау Йæхицæн
цæрæнуатæн кæй равзæрста,
Дунедарæг мыггагмæ кæм цæрдзæн,
уыцы хохмæ?
18 Дæсгай мин тохуæрдæттæй
рацæуы Хуыцауы æфсад,
Йæхæдæг дæр се 'хсæн, афтæмæй.
Дунедарæг æрæнцади
Синайы хохыл —
Йæ Кувæндоны.

19 Ды ссыдтæ бæрзæндмæ,
уацайрæгты райстай,
ныронг хиваст чи уыд,
уыдонæн айстай сæ хуынтæ
æмæ уым æрбынат кодтай,
о Дунедарæг Хуыцау!
20 Бонæй-бонмæ
арфæгонд уæд Дунедарæг!
Уый фæрцы фæразæм
мах нæ уаргъ хæссын.
21 Нæ Хуыцау ирвæзынгæнæг Хуыцау у.
Дунедарæг Хуыцау мах
суанг мæлæты хъæлæсæй дæр
фелвасдзæн.
22 Хуыцау ныппырх кæндзæн
Йæ фыдгулты сæртæ,
фыдракæндтæ кæныныл
чи фæцалх ис,
уыдоны æнæлвыд тенкатæ.

23 Дунедарæг загъта:
«Æз сæ æрбаздахдзынæн
Башаны хохæй,
денджызы арфæй сæ фелвасдзынæн,
24 æмæ дæ фыдгулты туджы
аныгъуылдзысты дæ къæхтæ,
дæ куыдз та сын æй сдæрдзæни».

25 О Хуыцау, Дæ рацыд Дын
фендзысты адæм,
Кувæндонмæ куыд цæуы
мæ Хуыцау æмæ мæ Паддзах!
26 Разæй цæудзысты зарæггæнджытæ,
фæстейы — хъисын фæндыртæй
цæгъдджытæ,
астæуæй та — чызджытæ
сæ далатимæ.
27 Уæ бæрæгбæтты заман-иу
куы æрæмбырд уат,
уæд иумæ кад кæнут Хуыцауæн!
Сыстаут Дунедарæджы,
Израилы байзæддæгтæ!
28 Уæ разамонджытæ
фыццаг рæнхъы уыдзысты
Бениамины чысыл байзæддагæй,
уыдоны фæстæ —
Иудæйы байзæддагæй,
уыдоны фæстæ —
Зевулоны байзæддагæй,
уыдоны фæстæ та —
Неффалимы байзæддагæй.
29 Израилы адæм, фидар лæууут,
уæ Хуыцау уын
куыд бафæдзæхста, афтæ!
О Хуыцау,
мах сæраппонд цы саразтай,
уый нын уагæвæрды хуызы
сфидар кæн!

30 Паддзæхтæ Дын Йерусалиммæ,
Дæ Кувæндонмæ,

æрбахæсдзысты хъалон.
31 Ды-иу æрмахуыр скæн,
хъæзы мидæг цы сырд цæры, уый,
адæмты уæнгуыты 'хсæн
богъты рæгъау æрсабыр кæн.
Уадз, æрзоныг кæной Дæ разы
æмæ Дын се 'взист æрбахæссой;
ныххæлиу кæн хæстæргом адæмы!
32 Мысырæй æрхуы мигæнæнтæ
слæсдзысты;
эфиопæгтæ сæ къухтæ
сивæздзысты Хуыцаумæ.

33 А зæххы паддзахæдтæ!
Хуыцауы кадæн зарут!
Фæндыртæй цæгъдут,
34 тъымы-тъымайæ нырмæ
Йæ цыд уæлæрвты Кæмæн у, Уымæн!
Хуыцауæн райхъуысы Йæ хъæлæс,
Йæ хъомысджын хъæлæс.
35 Сыстаут Хуыцауы!
Израилы сæрмæ — Йе стырад,
æврæгътæй нæм разыны Йæ хъомыс.

36 О Хуыцау, Ды тасы æфтауыс
Дæ Кувæндоны!
О, Израилы Хуыцау!
Уый Йæ адæмæн дæтты
хъомыс æмæ æхсар.
Арфæгонд у Хуыцау!

**68** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Зарæг «Хъоппæг»-ы зæлтæм гæсгæ. Давиды псалом.

2 О Хуыцау, баххуыс мын кæн!
Мæ улæфæнтæм схæццæ ис дон.
3 Арф цъымарайы ныссагъдтæн,
æмæ дзы цæуыл æрлæууон, уый нæй.
Хуыдымы бахаудтæн,
æмæ мæ тагъд аныхъуырдзæн.
4 Æрдиаг кæнын дæр нал у мæ бон,
мæ хъæлæс ныффæсус ис.
Мæ цæстытæ ныуурс сты,
мæ Хуыцаумæ æнхъæлмæ кæсгæйæ.
5 Æнаххосæй æнæуынон кæмæн сдæн,
уыдон мæ сæрыхъуынтæй
фæфылдæр сты.
Сбирæ сты ме знæгтæ,
азымджын нæ дæн,
афтæмæй зилынц мæ фæдыл.
Никæй бастыгътон,
афтæмæй мæ агурынц фиддон.
6 О Хуыцау,
Ды зоныс ме 'нæзонд митæ,
мæ тæригъæдтæ
æмбæхст не сты Дæуæй.
7 О Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг,
ма мæ фæхудинаг кæн,
науæд фегад уыдзысты,
Дæуыл йæ зæрдæ чи дары, уыдон,
о Израилы Хуыцау!
8 Уымæн æмæ æз Дæ сæраппонд
фæфидиссаг дæн,
мæ цæсгомыл худинаджы гакк сбадт.
9 Ме 'фсымæртæн сдæн искæйон,
мæ мады зæнæгæн — æцæгæлон.
10 Дæ Хæдзары мæт мæ удхарæй мары,
Дæ фыдгойгæнджыты фидистæ мæ
фауынц.
11 Æз дзынæзтон æмæ ком дардтон —
уый тыххæй мын фидистæ кæнынц.
12 Дарæсы бæсты
мæ уæлæ сæхъис скодтон,
æмæ мæ æмбисондæн хæссынц.
13 Сахары кулдуармæ
адæм мæ фыдгой кæнынц,
рассыггæнджытæ мыл
айуаны зарджытæ сисынц.
14 Фæлæ æз кувын Дæумæ, Дунедарæг,
хорз цæстæй мæм куы кæсис,
уыцы рæстæг.
Де стыр хорзæхы фæрцы мæ фехъус,
фервæзын мæ кæн
Дæ иузæрдионы фæрцы.
15 Цъымарайæ мæ слас,
цæмæй дзы ма аныгъуылон,
йе сæфт мæ чи уыны,
уыдонæй мæ бахиз,
æнæбын хуыдымæй мæ
фервæзын кæн,
16 науæд мæ йæ уæлныхты сисдзæн
æмæ мæ аныхъуырдзæн,
мæ сæрмæ сæхгæндзæн йæ ком.
17 О Дунедарæг, дзуапп мын ратт,
Ды хæларзæрдæ
æмæ иузæрдион куы дæ!
Æркæс мæм, Дæ хорзæх бирæ куы у!
18 Дæ цагъарæй Де 'ргом ма аздах,
батагъд кæн æмæ мын дзуапп ратт —
уымæн æмæ тынг тыхст дæн!
19 Æрцу æмæ мын
фервæзын кæн мæ уд,
фервæзын мæ кæн
ме знæгты фыддæрагæн.
20 Ды зоныс,
фидистæ мын куыд кæнынц,
куыд мæ æгад кæнынц,
аллайаг куыд фæдæн, уый!

Мæ фыдгултæ иууылдæр
Дæ разы сты.
21 Сæ фидистæй зæрдæсаст фæдæн,
басасти мæ хъару.
Æнхъæлмæ кастæн,
исчи мын кæд батæригъæд кæнид,
фæлæ ахæм нæ разынди;
æнхъæлмæ кастæн ныфсæвæрæгмæ,
фæлæ ахæмы дæр не ссардтон.
22 Хойраджы бæсты мын марг радтой,
мæ дойны та мын дзымарийæ састой.
23 Сæ цæл сын ахсæн хыз фестæд,
сæ минасы фынгтæ — къæппæг.
24 Сæ цæстырухс сыл баталынг уæд,
æндзыгнизæй фæсæйæнт,
цæрæнбонты æдзухъом куыд уой,
афтæ.
25 Дæ фыдæхы амæттаг бауæнт,
Дæ судзгæ маст сæ баййафæд.
26 Сæ цæрæнуат гæныстон фæуæд,
сæ цатырты цæрæг мауал баззайæд.
27 Уымæн æмæ, Ды кæй æрцавтай,
уыдонæн сæ фæдыл зилынц,
кæй барæхуыстай,
уыдоны хъизæмарыл
цинæй райынц.
28 Ды сын сæ алы тæригъæд дæр
æрымыс,
сæхи сраст кæнын сæ ма бауадз!
29 Царды чиныгæй сын
ахахх кæн сæ нæмттæ,
рæстгæнджыты хыгъдмæ сæ
куыннæ бахæссой.
30 Æз æфхæрд дæн
æмæ хъизæмар кæнын,
фæлæ мын Ды, Хуыцау,
баххуыс кæндзынæ,
мæ къæхтыл мæ слæууын кæндзынæ.
31 Зарæджы æппæлдзынæн
Хуыцауы номæй,
Йе стырад Ын
кады зарæгæй стаудзынæн.
32 Уый Дын æхцондæр уыдзæн,
Дунедарæг,
сыкъаджын æмæ сæфтæгджын галтæ
æмæ уæнгуытæй.
33 Æфхæрд адæм уый куы феной,
уæд бацин кæндзысты.
Хуыцауы чи агуры,
уыдонæн сæ зæрдæтæ
байдзаг уыдзысты царды ныфсæй.
34 Уымæн æмæ Дунедарæг хъусы
мæгуырты лæгъстæтæ,
Йæ адæмы уацары нæ ныууадздзæн.
35 Стауæнт Æй арв, зæхх, денджызтæ
æмæ, сæ мидæг
цыдæриддæр змæлы, уыдон!
36 Хуыцау баххуыс кæндзæни Сионæн,
сæндидздзæн Иудейы сахартæ.
Йæ адæм та дзы ногæй æрцæрдзысты,
æмæ сæ исбойнаг зæхх
фæстæмæ сæхи бауыдзæн.
37 Хуыцауæн кад чи кæны,
уыдоны байзæддагæн
уыцы зæхх баззайдзæни
фыдæй-фыртмæйы исбонæн.
Уым-иу æрцæрдзысты,
Хуыцауы чи уарзы, уыдон.

**69** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн.
Давиды псалом. Зæрдыл дарынæн.

2 О Хуыцау, фервæзын мæ кæн!
О Дунедарæг,
фæтагъд мæм кæн æххуысмæ!
3 Мæ мæлæтмæ чи бæллы,
уыдон фæхудинаг уæнт,
фидиссаг фæуæнт!
Ме сæфтмæ чи бæллы,
уыдон æгадæй аздæхæнт фæстæмæ.
4 Чи мыл феради,
афтæ йын хъæуы, зæгъгæ,
уыдон æгадæй сæхи фæстæмæ айсæнт.
5 Дæумæ чи тырны,
уыдон та цинæй райæнт,
цин кæнæнт Дæуыл!
Дæу чи агуры,
уыдон иудадзыг дзурæнт:
«Стыр у Хуыцау!»
6 Мæгуыр æмæ гæвзыкк дæн æз,
о Хуыцау,
фæтагъд мæм кæн æххуысмæ!
Ды — ме ’ххуысгæнæг,
мæ Ирвæзынгæнæг;
Дунедарæг, фæстиат ма фæкæн!

**70** Дунедарæг, Ды — мæ хъахъхъæнæг,
æмæ æз никуы фегад уыдзынæн.
2 Дæ рæстадмæ гæсгæ мæ бахиз,
фервæзын мæ кæн,
фехъус мæ, æххуысмæ мæм фæзын!
3 Айнæг къæдзæх мын басгуых —
мæ сæр-иу кæм бафснайон.
Фервæзын мæ кæн:
Ды — мæ къæдзæх, мæ фидар.
4 О мæ Хуыцау,
бахиз мæ æнæхуыцауæй,
фыдгæнæг æмæ сурæджы къухæй.
5 Бардарæг — Ды мæ иунæг ныфс,
О Дунедарæг, ме ’взонджы бонтæй

Дӕуыл дарын мӕ зӕрдӕ.
6 Мӕ райгуырдӕй фӕстӕмӕ
Ды дӕ мӕ иунӕг ныфс,
Дӕ фӕрцы рантыстӕн дунемӕ;
кад Дын кӕнын кӕддӕриддӕр.
7 Бирӕтӕ мӕ диссагӕн хӕссынц,
фӕлӕ мӕ зӕрдӕ Дӕуыл лӕууы.
8 Мӕ былалгъыл —
Дӕуӕй ӕппӕлӕн ныхӕстӕ,
ӕрвылбон Дын Де стырад стауын.
9 Мӕ зӕры бонты мыл
ма атигъ кӕн Дӕхи,
ма мӕ ныууадз,
мӕ хъару куы байсыса, уӕд.
10 Ме знӕгтӕ
фыдвӕндтӕ аразынц мӕ ныхмӕ,
мӕ мӕлӕтмӕ у сӕ каст ӕмӕ дзурынц:
11 «Хуыцау ӕй ныууагъта.
Йӕ фӕстӕ зилут, хӕцут ыл!
Ӕххуысгӕнӕг ын нӕй!»
12 О Хуыцау, ма мӕ ныууадз!
О Дунедарӕг, ӕххуысмӕ мӕм фӕзын!
13 Худинаджы бын
фӕуӕнт ӕмӕ фесӕфӕнт,
ӕнӕуынон кӕмӕн дӕн, уыдон!
Фӕхудинаг уӕнт, аллайаг фӕуӕнт
ме сӕфтмӕ бӕлджытӕ!
14 Ӕз кӕддӕриддӕр
мӕ зӕрдӕ дардзынӕн Дӕуыл,
кад Дын кӕндзынӕн ног ӕмӕ ногӕй.
15 Ӕрвылбон staудзынӕн Дӕ рӕстад,
Дӕ ирвӕзынддзинад,
уымӕн ӕмӕ Дӕ хорзӕхтӕ
никуы фӕуыдзынӕн нымад.
16 Дунедарӕджы хъомысы кой
кӕндзынӕн,
Ды, иунӕг Ды кӕй дӕ раст,
уый тыххӕй дзурдзынӕн.
17 О Дунедарӕг,
ме 'взонджы бонтӕй фӕстӕмӕ мӕ Ды
раст фӕндагыл аразыс,
ӕмӕ абон онг
Дӕ диссӕгты кой кӕнын.
18 О Хуыцау,
ма мӕ ныууадз мӕ зӕры бонты,
мӕ сӕр куы сурс уа, уӕд дӕр,
цӕмӕй адӕмӕн Дӕ хъомысы,
фидӕны фӕлтӕрӕн
Дӕ хъаруйы кой ракӕнон.
19 О Дунедарӕг,
Дӕ рӕстад — арвӕй уӕлдӕр,
кӕуылты сты Дӕ хъуыддӕгтӕ!
О Дунедарӕг, Дӕуӕн ӕмбал кӕм ис?
20 Цас мыл ӕруагътай судзгӕ бӕллӕхтӕ,
ӕмӕ мӕ ногӕй царды ныфс бауадз,
арф дӕлдзӕхӕй мӕ ракӕн фӕстӕмӕ.
21 Ногӕй мӕ сбӕрзонд кӕн
ӕмӕ та мын фӕлӕууын кӕн
мӕ зӕрдӕ.
22 О мӕ Хуыцау!
Хъисфӕндыры зӕлтӕй Дын
скад кӕндзынӕн,
Дӕ иузӕрдиондзинад Дын
staудзынӕн!
Дыууадӕстӕноныл Дын кады зарӕг
сисдзынӕн,
о Израилы Уаз Хуыцау!
23 Дӕ кады зарӕг ме 'взагӕй
куы рацӕуы,
уӕд мӕ уд дӕр фыр цинӕй райы,
уымӕн ӕмӕ йӕ Ды фервӕзын кодтай!
24 Ӕрвылбон ме 'взаг стауы Дӕ рӕстад,
худинаджы бын фесты
ме сӕфтмӕ бӕлджытӕ!

## 71 Соломоныл.

О Хуыцау! Саккаг кӕн паддзахӕн
Дӕ рӕстдзинад,
паддзахы фыртӕн — Дӕ раст тӕрхон!
2 Уадз ӕмӕ раст тӕрхон кӕна
Дӕ адӕмӕн,
уадз ӕмӕ раст ӕвзара
мӕгуырты хъаст.
3 Уадз ӕмӕ хӕхтӕй адӕммӕ
амонд ӕрцӕуа,
уадз ӕмӕ къуыбыртӕ адӕмӕн
рӕстады дыргътӕ 'рхӕссой.
4 Уадз ӕмӕ мӕгуыртӕн
сӕ хъаст ӕвзара,
фервӕзын кӕна мӕгуыр лӕджы цоты,
басӕтта тыхгӕнӕджы, —
5 уӕд мыггагмӕ
кад кӕндзысты Дӕуӕн,
цалынмӕ 'рттивой хур ӕмӕ мӕй.
6 Къӕвдайау, тыгъдызӕйау
ӕрцӕуӕд зӕхмӕ;
7 йӕ заманы рӕстуд
фӕрнӕйдзагӕй цӕрӕд!
Цалынмӕ мӕй рухс кӕны,
уӕдмӕ зӕхх амондӕй йедзаг уӕд.
8 Паддзахиуӕг кӕнӕд
иу денджызӕй иннӕмӕ,
Евфраты донӕй зӕххы кӕрӕттӕм.
9 Ӕдзӕрӕг быдыры сырдтӕ
ӕрзоныг уӕнт йӕ разы,
йе знӕгтӕ рыг сдӕрӕнт.
10 Фидӕнт ын хъалон Таршиш ӕмӕ
сакъадӕхты паддзӕхтӕ;
Сава ӕмӕ Севайы паддзӕхтӕ йын

лæвæрттæ хæссæнт.
11 Бакувæнт ын æппæт паддзæхтæ,
лæггад ын кæнæнт æппæт адæмтæ.
12 Уый фервæзын кæндзæни мæгуыры,
фæхæцæг кæуыл нæй
æмæ чи дзыназы,
уыцы ’фхæрд адæмы.
13 Фæтæригъæд кæндзæн мæгуырæн,
мæгуыр адæмы фервæзын кæндзæни,
14 мæнгарддзинад æмæ тыхмийæ сæ
бахиздзæн,
зын ын уыдзæни се сæфтмæ кæсын.
15 Бирæ цæрæд!
Савайæ йын ласдзысты сыгъзæрин,
æдзух ын кувдзысты,
æрвылбон ын арфæ кæндзысты.
16 Æмæ зæххыл сбирæ уыдзæни хор,
Ливаны хæхтау
дыргъæй нал зындзæн,
сахарты адæм
кæрдæгæй фылдæр суыдзысты.
17 Йæ ном цæрдзæни æнусмæ.
Цалынмæ хур рухс кæна,
уæдмæ нæ ферох уыдзæн йæ ном.
Уый уыдзæнис арфæгонд,
æппæт адæмтæ йæ
амондджын хондзысты.
18 Арфæгонд у Дунедарæг Хуыцау,
Израилы Хуыцау!
Æрмæстдæр Уый аразы диссæгтæ.
19 Йæ кадджын ном
арфæгонд у æнусмæ,
æппæт зæхх байдзаг уæд Йæ кадæй.
Аммен, аммен!

20 Уыйадыл фесты Йессейы фырт Давиды
куывдтытæ.

## 72 Асафы псалом.

Куыд ауды Хуыцау Израилыл,
куыд ауды сыгъдæгзæрдæтыл!
2 Æз та, чысыл ма бахъæуа, фæцудон,
фæкæлынмæ мæ бирæ нал хъуыди:
3 æдзæсгæмттæм бахæлæг кодтон,
æнаккæгтæ цардæй
къæртт куыд æппарынц,
уымæ кæсгæйæ,
4 сæ цард-цæрæнбонты
хъизæмар кæй не ’взарынц,
сæ амæлæты онг
сæ хъару кæй нæ сæтты,
уый уынгæйæ.
5 Уыдон царды зындзинæдтæй
хызт сты,
иннæтау царды уæз нæ базонынц.
6 Сæрыстырдзинад фæрдгуыты халау
сæ хъуырыл æртыхсти,
сæ дарæс — æгъатырдзинад.
7 Фырнæрдæй сæ цæстытæ
аныгъуылдысты фиуы,
сæ зæрдæтæ — чъизи монцтæй йедзаг.
8 Хынджылæггæнгæ, саузæрдæйæ
ныхас кæнынц,
æртхъирæн кæнынц æнæвввæрсонæй.
9 Арвы ныхмæ
ныххæлиу кодтой сæ дзыхтæ,
æгас зæххыл уырзæй сгары се ’взаг.
10 Æмæ Мæ адæм цæуынц сæ фæдыл,
дзаггарзæй сын сæ дон нуазынц!
11 Уыдон фæзæгъынц:
«Хуыцау æй цæмæй базондзæн?
Бæрзæндтыл Бадæг афтæ уынаг у?»
12 Фыдгæнджытæ сæ цард æрвитынц
æдыхстæй,
сæ мулкыл æфты, афтæмæй.
13 Уæдæ æз дзæгъæлы архайдтон
сыгъдæгзæрдæйæ цæрыныл,
мæ къухтæ æназымæй дарыныл?
14 Мæхи цы хордтон алы бон дæр,
æрвылрайсом цы катай кодтон?
15 Фæлæ æз афтæ куы загътаин,
уæд Дæ хъæбултыл
гадзрахатæй рацыдаин.
16 Мæн уыдæттæ бамбарын фæндыд,
фæлæ уый тынг зын уыди,
17 цалынмæ Хуыцауы Кувæндонмæ
бацыдтæн
æмæ сын сæ кæрон базыдтон, уæдмæ.
18 Ды сын сæ фæндаг скæныс бырынцъаг
æмæ сæ бынысккъуыд фæкæндзынæ.
19 Æрбайсæфдзысты æваст,
æбуалгъ уыдзæни сæ кæрон.
20 Куы райхъал уай,
уæд фын куыд æрбайсæфы,
афтæ сын Ды, Бардарæг,
фесафдзынæ сæ бæллицтæ.
21 Мæ зæрдæ куы байдзаг ис мастæй,
куы тыхсти мæ уд,
22 уæд æз æнæзонд уыдтæн,
ницы ’мбæрстон,
фосæй уæлдай нæ уыдтæн Дæ разы.

23 Æз Демæ дæн кæддæриддæр,
мæ рахиз къухыл мын хæцыс,
24 раст фæндагыл мæ аразыс
æмæ мæ уый фæстæ
бакæндзынæ Дæ кадмæ.
25 Уæларв ма мын Дæу йеддæмæ чи ис?
Ды мемæ куы уай,

уæд ницæмæ бабæлдзынæн
зæххыл дæр.
26 Слæмæгъ сты мæ буар æмæ мæ уд,
фæлæ Хуыцау — мæ фидар ныфс,
мæ амонды хай мыггагмæ.
27 Дæуæй чи адард ис, уый фесæфдзæн.
Йæ зæрдæ Дыл чи сивта,
уыдоны Ды се 'ппæты дæр фесафдзынæ.
28 Мæнæн та Хуыцауы раз æхцон у:
Дунедарæг Хуыцау — мæ мæсыг.
Æз Де 'ппæт хъуыддæгты тыххæй
дзурдзынæн.

## 73 Асафы зондамонæн псалом.

О Хуыцау, æнусмæ ныл
цæмæн бахъоды кодтай?
Цæмæн рафыхт Дæ маст
Дæ сæрвæты дзугмæ?
2 Æрымыс, незаманты кæй равзæрстай,
кæй балхæдтай,
æнустæм Дæ исбон кæй скодтай,
уыцы адæмы, стæй Сион —
кæм æрбынат кодтай, уыцы хох!
3 Æнусон хæлддзæгтæм æркæс:
ныддæрæн кодтой знæгтæ Кувæндон.
4 Дæ Кувæндоны Де знæгтæ рыхынц,
сæ тырыса дзы сауыгътой.
5 Бæласы къалиутæм
фæрæт куыд сисынц, уыйау
6 дзæккортæй æмæ фæрæттæй
нывæфтыдтæ ныссастой.
7 Дæ Кувæндон Дын басыгътой,
Дæ номы цæрæн фæчъизи кодтой.
8 Дзырдтой сæхинымæр:
«Бынтондæр сæ ныццæгъдæм!»
Хуыцаумæ-иу кæм куывтам —
æгас бæстæйы
уыцы бынæттæ басыгътой.
9 Æвдисæйнæгтæ нал уынæм,
пехуымпар нал ис,
кæд уыдзæн адæттæн кæрон,
уый махæй иунæг дæр нæ зоны.
10 Хуыцау!
Кæдмæ хынджылæг кæндзæн знаг?
Æнусмæ фаудзæни ныхмæлæууæг
Дæ ном?
11 Цæмæн айстай Дæ къух,
Дæ рахиз къух?
Сис Дæ къух æмæ сæ бабын кæн!
12 О Хуыцау, æнусты райдианæй
Ды мæ Паддзах дæ!
Ды зæхмæ ирвæзындзинад æрхастай!
13 Дæ хъаруйы фæрцы
денджызы уылæнтæ
фæцыдысты фæйнæрдæм,
ныссастай доны кæлмытæн сæ сæртæ,
14 Левиафанæн ныппырх кодтай йæ сæр,
хъæддаг сырдтæн æй
радтай холыйæн.
15 Ды айгæрстай фæндаг
донгуырæнтæн æмæ суадæттæн,
Дæ хъомысæй
стыр цæугæдæттæ байсыстысты.
16 Дæ бар цæуы бон æмæ æхсæвыл;
хур æмæ мæй Ды сфæлдыстай.
17 Ды скодтай арæнтæ зæххæн,
сæрд æмæ зымæг Ды сфæлдыстай.
18 Æркæс-ма: знаг Дунедарæджы фауы,
æдылытæ цъыф калынц Дæ номыл.
19 Дæ бæлоны уд
знæгты къухмæ ма ратт,
Дæ зæрдæсаст адæмы
рохуаты ма ныууадз бынтон.
20 Æрымыс Дæ фидыд!
Зæххыл алы тар къуым дæр
байдзаг ис тыхмийæ.
21 Æфхæрд лæг ма аздæхæд æгадæй,
мæгуыр æмæ гæвзыкк Дын
сыстауæнт Дæ ном.
22 Сыст, Хуыцау, раст тæрхон рахæсс!
Æркæс-ма: æдылытæ Дын æрвылбон
Дæ ном фауынц.
23 Ма ферох кæн,
ам Де знæгтæн сæ хъæр кæй хъуысы
æмæ æдзух кæй змæнтынц
Дæ ныхмæ.

## 74 Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Ма мæ фесаф»-ы зæлтæм гæсгæ. Асафы псалом. Зарæг.

2 Кад Дын кæнæм, стауæм Дæ, Хуыцау!
Æдзухдæр нæ былалгъыл ис Дæ ном,
адæмæн хъусын кæнæм Дæ диссæгтæ.
3 «Афон куы ралæууа,
уæд Æз раст тæрхон кæндзынæн, —
зæгъы Хуыцау, —
4 зæхх куы нынкъуыса,
йæ цæрджытæ æмризæджы
куы ризой,
уæд Æз фидар хæцдзынæн
йæ бындуртыл».
5 Сæрыстыртæн фæдзæхсын:
«Уæ хъал митæ ныууадзут!»
Æнаккæгтæн зæгъын:
«Æнæрвæссон ма ут!
6 Æгæр бæрзæндты
ма хæссут уæ сæртæ,
схъæл ныхасæй хизут уæхи!»

7 Мацы тæрхонмæ æнхъæлмæ кæсут
нæдæр скæсæнæй,
нæдæр ныгуылæнæй,
нæдæр æдзæрæг быдырæй,
нæдæр хæхтæй.
8 Тæрхонгæнæг у Хуыцау:
иуы æрныллæг кæны,
иннæйы та бæрзонд сисы.
9 Дунедарæджы къухы ис
æхсидгæ сæны кæхц,
маст хъацæнтæй — йедзаг,
æмæ Уый æгас зæххы
æнæхуыцæуттæн
уыцы сæнæй булуазын кæндзæн
йæ бынтæм.
10 Æз та мыггагмæ кад кæндзынæн
æмæ стаудзынæн Йаковы Хуыцауы.
11 Хуыцау зæгъы:
«Æнæхуыцæуттæн се 'ппæтæн дæр
сæ сыкъатæ ныссæтдзынæн,
рæстгæнджытæн
сæ кад уыдзæни бæрзонд!»

## 75

Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Хъисфæндырты цагъдимæ. Асафы псалом. Зарæг.

2 Иудейы адæм зонынц Хуыцауы,
стыр у Йæ ном Израилы адæмы 'хсæн.
3 Йæ цатыр ис Салимы,
Йæ цæрæнбынат — Сионы хохыл.
4 Уыцы ран фыдгултæн
ныссаста сæ зынг фæттæ,
сæ уартытæ æмæ сæ кæрдтæ,
тохы хæцæнгæрзтæ.

5 Дæ тæмæнæй ныррухс вæййы дуне,
Ды кадджындæр — сырдарæх хæхтæй.
6 Æхсарджын хæстонтæ
фестадысты амæттаг,
мæрдон фынæй баисты;
фидар хæстонтæй иунæг дæр
йæ къух сисын нæ бафæрæзта.
7 О Йаковы Хуыцау,
Ды сæм бартхъирæн кодтай,
æмæ бандзыг сты бæхтæ
æмæ бæхджынтæ.
8 Ды дæ тасæфтауæг Хуыцау.
Дæ масты цæфæн чи бафæраздзæн?
9 Уæларвæй нын фехъусын кодтай
Дæ тæрхон,
æмæ дуне фыр тæссæй ныссабыр,
10 Ды, Хуыцау,
тæрхон кæнын куы райдыдтай
æмæ æфхæрд адæмы сæрыл
куы рахæцыдтæ, уæд.
11 Адæмы фыдæхы раз
Дæ кад ноджы фæбæрзонддæр уыдзæн.
Дæ азары фæстæ ма чи аирвæза,
уыдон дæр æрсæтдзысты Дæ разы.
12 Дунедарæджы, уæ Хуыцауы раз,
дзырд дæттут
æмæ-иу сæххæст кæнут уæ ныхас;
Йæ алыварс цы адæмтæ цæры,
уыдон иууылдæр сæ хуынтæ хæссæнт
тасæфтауæг Хуыцауæн!
13 Уый бæстыхицæуттæн
сæ ныфс асæтты,
а зæххы паддзæхтыл тас бафтауы.

## 76

Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Йедутуны зæлтæм гæсгæ. Асафы псалом.

2 Хуыцаумæ сидын,
Хуыцаумæ дзыназын,
æмæ мæ фехъусдзæни Уый.
3 Бæллæхы бон Бардарæджы агурын,
æхсæв-бонмæ Йæм мæ къухтæ дарын;
æнцой нæ ары мæ уд.
4 Хуыцауы мысгæйæ, ныхъхъæрзын;
хъуыдыты аныгъуылын,
бастади мæ уд.
5 Нæ мæ уадзыс æрцъынд кæнын дæр,
адæргæй мæ дзыхы
ныхас дæр нал бады.
6 Раздæры бонтыл,
ивгъуыд азтыл сагъæс кæнын.
7 Мæ зæрдыл æрлæууы,
куыд-иу зарыдтæн,
æхсæвыгон мæ зæрдæмæ ныккæсын,
уæдæ цы ракодтон, зæгъгæ.
8 Ау, Дунедарæг мыл мыггагмæ
атигъ кодта Йæхи,
Йæ хорзæхы аккаг мæ
никуыуал скæндзæн?
9 Ау, байсысти Йæ хорзæх,
никуыуал фехъуысдзæни Йæ ныхас?
10 Ау, Дунедарæгæй, хатыр цы у,
уый ферох ис,
æмæ Йæ маст никуыуал ссæудзæн?

11 Æз загътон: «Мæ бæллæх уый у,
æмæ Бæрзæндтыл Бадæджы къух
раздæры хуызæн нал у».
12 Æрымысдзынæн Дунедарæджы
хъуыддæгтæ,
Дæ кæддæры диссæгтæ
æрлæудзысты мæ зæрдыл.
13 Цытæ сарæзтай,
уыдæттæ æрымысдзынæн,

Дæ диссæгтыл хъуыды кæндзынæн.
14 О Дунедарæг, уаз сты Дæ фæндæгтæ!
Кæцы хуыцау у
нæ Хуыцауæй стырдæр?
15 Ды — диссæгтæ æвдисæг Хуыцау,
адæмтæн фенын кодтай Дæ хъомыс.
16 Дæ тыхджын къухæй
фервæзын кодтай Дæ адæмы,
Йаков æмæ Йосефы фæдонты.
17 Хуыцау, дæттæ Дæ федтой
æмæ сæ тас бацыди Дæ уындæй,
ныззыр-зыр кодтой хуыдымтæ.
18 Мигътæй фемæхсти дон,
æврæгътæй арвы нæрын хъуысы,
алырдыгæй тæхынц Дæ фæттæ.
19 Гыбар-гыбур фестадысты уæлæрвтæ,
арвæрттывдтæй ныррухс ис дуне,
æнкъуысы æмæ ризы зæхх.
20 Дæ фæндаг — денджызыл,
Ды афæд кæныс арф дæтты риуыл,
ничи Дын зоны Дæ фæндаг.
21 Дæ адæмы Ды бабар кодтай
Моисей æмæ Ааронæн,
фысты дзугау сæ размæ кодтай.

**77** Асафы зондамонæн псалом.

О мæ адæм, уæ хъус æрдарут
мæ зонды ныхасмæ,
æрбайхъусут мæ зондамындмæ.
2 Æз дзурдзынæн æмбисæндтæй,
рагзаманты сусæгтæ уын
æрхæсдзынæн.
3 Цы фехъуыстам æмæ цы базыдтам,
фыдæлтæ нын кæй радзырдтой,
4 уый мах сæ байзæддагæй
нæ бамбæхсдзыстæм:
фæстагæттæн ракæндзыстæм
Дунедарæджы кады хъуыддæгты,
Йæ хъомысы, Йæ диссæгты кой.
5 Уый Йаковимæ сфидар кодта фидыд,
Израилæн радта Æгъдау
æмæ загъта нæ фыдæлтæн,
сæ сабитæн æй куыд амоной.
6 Нæ фæстагæттæ,
æрцæуинаг фæлтæртæ сæ
куыд зоной
æмæ сæ уыдон дæр
сæ сабитæн куыд амоной сæ рады.
7 Цæмæй сæ зæрдæ дарой Хуыцауыл,
ма рох кæной Хуыцауы хъуыддæгтæ,
æххæст Ын кæной Йæ фæдзæхстытæ.
8 Цæмæй сæ фыдæлты хуызæн
ма уой —
нæсæттон æмæ змæнтæг фæлтæр,
уыдон æппæт зæрдæйæ
Хуыцауимæ нæ уыдысты,
æнувыд Ыл нæ разындысты сæ удтæ.
9 Ефремы фырттæ,
хæстифтонг фатæхсджытæ,
лидзæг фесты тохы бон.
10 Уыдон Хуыцауы фæдзæхст
фехæлдтой,
Йе 'Гъдаумæ гæсгæ
цæрын нæ бакуымдтой.
11 Ферох сæ сты Йæ хъуыддæгтæ,
Йæхæдæг сын кæй фенын кодта,
Йæ уыцы диссæгтæ.
12 Сæ фыдæлты цæсты раз
Уый диссæгтæ саразта Мысыры,
Цоаны фæзы:
13 Уый фæйнæрдæм фæцæуын кодта
денджызы дæттæ,
хъен сæ сæвæрдта сисау
æмæ сæ ракодта йæ астæуты.
14 Боныгон сæ разæй цыдис æврагъау,
æхсæвыгон — арты рухсау.
15 Айнæг афаста æдзæрæг быдыры,
цæмæй сæ бафсада донæй —
раст цыма дæтты æнæбын арфæй.
16 Айнæджы риуæй
феггуырсын кодта суадæттæ,
æмæ калдысты цæугæдæттау.
17 Фæлæ нæ фыдæлтæ Йæ разы
сæ тæригъæдтæм
ноджы бафтыдтой —
Бæрзæндтыл Бадæджы ныхмæ
сыстадысты
æдзæрæг быдыры.
18 Хуыцауы бафæлварын сфæнд кодтой:
сæ уды фæндиаг хæринаг Дзы
домдтой.
19 Хуыцауы ныхмæ
ахæм ныхæстæ дзырдтой:
«Хуыцауæн æдзæрæг быдыры
фынг сæвæрын Йæ бон суыдзæн?
20 О, уый айнæг æрцавта,
æмæ дзы дон фемæхсти,
ракалдысты суадæттæ.
Уæд Йæ бон нæу, æмæ нын дзул ратта,
Йæ адæмы фыдызгъæлæй бафсада?»
21 Дунедарæг сæ фехъуыста
æмæ смæсты ис,
Йæ маст рафыхти Йаковмæ,
артау ссыгъд Израилы ныхмæ.
22 Уымæн æмæ уыдон
сæхи нæ бафæдзæхстой Хуыцауыл,
кæй сæ фервæзын кæндзæн,
уый ныфс сæ нæ уыди.
23 Уый бардзырд радта мигътæн

æмæ арвы дуæрттæ байтыгъта.
24 Æрсаха сыл кодта маннæ —
уæларвон дзул сын радта хойрагæн.
25 Зæдты дзул хордтой адæм —
бафсæста сæ Дунедарæг.
26 Уый арвыл сыстын кодта
скæсæйнаг дымгæ,
хуссайраг дымгæ Йæ хъаруйæ
æрбалæууын кодта —
27 рыгау сыл æруарын кодта
фыдызгъæл,
мæргъты бын сæ фæкодта
денджызы змисау.
28 Сæ цатырты раз сын, асадæны,
мæргътæ æркалдта
29 æмæ асастой се стонг,
фыдызгъæлæй сæ уæлдай
ныууагътой —
сæххæст сын кодта сæ фæндон.
30 Фæлæ сæ мондæгтæ нæма суагътой
æмæ сæ ком нæма равдæлон,
31 афтæ сæ Хуыцауы азар баййæфта:
адæмæн сæ тыхджындæртæ
æрбамардысты,
Израилы тырынтæ
адæргъ сты зæххыл.
32 Фæлæ уæддæр
адæм тæригъæды цыдысты,
Йæ диссæгтыл Ын не 'ууæндыдысты.
33 Æмæ сын Уый сæ цæрæнбон
скаст æмæ æркаст скодта,
сæ бонтæ тæрсгæ-ризгæйæ æрвыстой.
34 Марын-иу сæ куы райдыдта,
уæд-иу Æм раздæхтой се 'ргом,
ногæй та-иу Хуыцауы агурын
райдыдтой.
35 Сæ зæрдыл та-иу æрлæууыд,
Уый сæ къæдзæх кæй у,
Иуууылбæрзонд Хуыцау
сæ Ирвæзынгæнæг кæй у,
36 æмæ Йæ разы цурон митæ кодтой,
сайдтой Йæ æвзагæй.
37 Афтæмæй та Йæм
æндæр зæрдæ дардтой,
Йæ фидыдыл нæ уыдысты æнувыд.
38 Фæлæ Уый уарзæгой у,
сæ азымтæ сын барста,
нæ Йæ фæндыд сæ фесафын.
Бирæ хæттыты сæм урæдта Йæ маст,
Йæ судзгæ масты фæдыл нæ цыди.
39 Уымæй рох нæ уыди,
уыдон буарæй уæлдай
кæй ницы сты —
чи ацæуы æмæ нал фæзыны,
уыцы уддзæфау.
40 Цал æмæ цал хатты
сыстадысты Йæ ныхмæ
æдзæрæг быдыры,
змæлæг кæм нæй, уыцы бæсты!
41 Цал æмæ цал хатты
фæлвæрдтой æмæ æфхæрдтой
Израилы Уаз Хуыцауы!
42 Ферох сæ ис Йæ къухы хъомыс,
знагæй сæ куыд фервæзын кодта,
уыцы бон;
43 Мысыры кæй равдыста
æвдисæйнæгтæ,
Цоаны фæзы диссæгтæ кæй сарæзта;
44 Мысырæгты цæугæдæттæ
иууылдæр туг куыд фестын кодта,
æмæ сæ дон нуазынæн
куыд нал бæззыд;
45 дзынгатæ æмæ æлгъаг галхæфсыты
ахæсты сæ куыд фæкодта,
цæмæй сæ бацарæфтыд кæной;
46 сæ тыллæг сын
мæтыхты хай бакодта,
сæ бирæ фыдæбон
зулчъыты амондæн разынди;
47 сæ сæнæфсир сын ихæй ныххоста,
сæ сикомортæ сын ныссæлын кодта;
48 сæ фос сын фесæфта ихæй,
сæ рæгъæуттæ сын арв æрцавта.
49 Йæ судзгæ маст сыл ныккалдта,
Йæ азар, Йæ фыдæхы хай сæ бакодта,
фыдбылыз сыл æруагъта
æмæ сæм сæфты зæдты рарвыста.
50 Нал баурæдта Йæ маст,
марынæй сыл нæ бацауæрста,
рыны амæттаг сæ бакодта.
51 Æрцавта мысырæгты зæнæджы
хистæрты,
фыццаггуырдты фæцагъта
Хамы цатырты.
52 Æмæ фыстау ракодта Йæ адæмы,
фосы дзугау сæ размæ кодта
æдзæрæг быдыры.
53 Йемæ сын ницæмæй уыди тас,
сæ фыдгулты та сын
аныхъуырдта денджыз.
54 Æрбакодта сæ Йæ уаз зæхмæ,
Йæхи къухæй кæй райста,
Йæ уыцы хохмæ.
55 Сæ сæрвæлтау фæсырдта адæмты,
сæ зæххытæ сын
байуæрста Израилæн,
æцæгæлæтты цатырты сæ
æрцæрын кодта.
56 Фæлæ Йæ уыдон
раздæрау фæлвæрдтой,

Бæрзæндтыл Бадæджы ныхмæ-иу
сыстадысты,
Йæ фæдзæхстытæм гæсгæ
нæ цардысты.
57 Сæ фыдæлтау Ын
Йæ зæрдæхудт истой,
гадзрахатæй Йыл цыдысты,
сайдтой Йæ тæссонд æрдынау.
58 Йæ хъыджы цыдысты
сæ уаз къуыппыты аххосæй,
сæ гуымирыты тыххæй сæм
цæхæртæ калдта фыр мæстæй.
59 Хуыцау уый куы фехъуыста,
уæд сæм Йæ маст рафыхти
æмæ Йæхи атигъ кодта Израилыл.
60 Ныууагъта Силомы Йæ цæрæн,
ныууагъта, адæмы ’хсæн
кæм æрбынат кодта, Йæ уыцы Цатыр.
61 Йæ тыхы æвдисæн уацары радта,
знаджы къухмæ радта Йæ кад.
62 Карды комыл бафтыдта Йæ адæмы,
Йæ маст ныккалдта Йæ исбоныл.
63 Æрыгон лæппутæ арты хай баисты,
чындзхæсджыты зарджытæ
нал кодтой чызджытæн.
64 Сæ сауджынтæ карды амæттаг баисты,
фæлæ сæ бон кæуын нæ уыди
сæ идæдз устытæн.
65 Уæд Дунедарæг цыма
Йæ фынæйæ фехъал ис,
цыма бæгъатыр йæ нозтæй æрæрвонг,
66 уыйау Йе знæгты Йæ уæлныхты айста,
æнусмæ сæ фæхудинаг кодта.
67 Уый Йæхи атигъ кодта
Йосефы цатыртыл,
Ефремы хæдзарвæндаг нæ сæвзæрста.
68 Фæлæ равзæрста
Иудæйы хæдзарвæндаг,
бауарзта Сионы хох.
69 Уæлæрвтау саразта Йæ Кувæндон,
æнустæм æй æрфидар кодта зæххау.
70 Уый равзæрста Йæ цагъары, Давиды,
фосдарæнтæй йæ ракодта,
71 фысты дзугтæй йæ фæиртæста,
цæмæй Йын Давид хиза Йæ адæмы —
Йаковы байзæддæгты,
цæмæй хиза Израилы — Йæ исбон.
72 Æмæ сæ хызта сыгъдæгзæрдæйæ,
куырыхонæй сæ размæ кодта.

## 78

Асафы псалом.

О Хуыцау!
Муртаттæгтæ æрбабырстой
Дæ зæхмæ,
Дæ уаз Кувæндон фæчъизи кодтой,
Йерусалимы дур дурыл
нал ныууагътой.
2 Мæргътæн холыйæн радтой
Дæ цагъарты мæрдтæ,
хъæддаг сырдтæн —
Дæ сыгъдæджыты буæрттæ.
3 Йерусалимы алыварс
сæ туг донау фæкалди,
ныгæнæг дæр сæ нал уыд.
4 Нæ сыхæгтæн фидиссаг фестæм,
сæхи ныл худæгæй хæссынц,
фидистæ нын кæнынц.
5 О Дунедарæг,
æнусмæ нæм мæсты кæндзынæ?
Артау кæдмæ судздзæн Дæ маст?
6 Дæ азары хай бакæн,
Дæу чи нæ зоны, уыцы адæмты,
Дæ ном чи нæ ары,
уыцы паддзахæдтæ.
7 Уымæн æмæ уыдон
аныхъуырдтой Йаковы,
сафтид ын кодтой йæ зæххытæ.
8 Нæ фыдæлты тæригъæдтæ
махæн фидинаг ма фæкæн,
Дæ хорзæх ныл æвæстиатæй æруадз,
науæд байсысти нæ хъару.
9 О Хуыцау, нæ Ирвæзынгæнæг,
баххуыс нын кæн Дæ номы кадæн,
фервæзын нæ кæн,
ныббар нын нæ тæригъæдтæ
Дæ номы сæраппонд!
10 Иннæ адæмтæ цæмæн хъуамæ дзурой,
уæдæ кæм ис сæ Хуыцау, зæгъгæ?
Дæ цагъарты туг кæй райстай,
уый, уадз, адæмтыл айхъуыса
æмæ мах уый нæхи цæстæй фенæм!

11 Ахæстыты дзыназын Дæм фехъуысæд!
Мæлæт кæмæ æнхъæлмæ кæсы,
уыдоны Дæ хъомысджын къухæй бахиз!
12 О Дунедарæг,
нæ сыхæгтæ Дын
цы фидистæ фæкодтой,
уыдон сæм авд ахæмæй раздах!
13 Мах та — Дæ адæм, Дæ фысты дзуг —
кад Дын кæндзыстæм æнустæм,
стаудзыстæм Дæ
фæлтæрæй фæлтæрмæ!

## 79

Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Хъоппæг»-ы зæлтæм гæсгæ. Асафы псалом.

2 Фехъус нæ, Хуыцау, Израилы Фыййау,
фосы дзугау Йосефы байзæддаджы

Йæ фæдыл Чи кæны, Уый!
О Херувимтыл Æнцайæг,
раргом нæм кæн Дæхи!
3 Ефремы, Бениамины
æмæ Менассиайы байзæддагæн
Де стыр хъомыс раргом кæн,
æрцу æмæ нæ фервæзын кæн!
4 О Хуыцау, сног нын кæн нæ тых,
Дæ рухс цæсгом нæм равдис,
æмæ фервæздзыстæм.
5 О Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг!
Дæ адæмы куывдтытæм
кæдмæ мæсты кæндзынæ?
6 Дзулау нæ куы бафсæстай цæссыгæй,
цæссыгты кæхц нын
бануазын кодтай дзагæй.
7 Нæ сыхæгтæн нæ хъазинаг скодтай,
хынджылæг нæ кæнынц.
8 Уæларвæфсады Бардарæг,
сног нын кæн нæ тых!
Дæ рухс цæсгом нæм равдис,
æмæ фервæзæм!
9 Мысыры зæххæй æрбахастай
сæнæфсиры тала,
фæсырдтай адæмты, сæ бынаты сын
уыцы тала ныссагътай.
10 Йæ алыварс мæрмæ йын базылдтæ,
æмæ уый ауагъта йæ уидæгтæ,
йæ талатæ æгас бæстæйы суагъта.
11 Йæ ауунæй æрæмбæрзта хæхтæ,
егъау кедрты къалиутау
райрæзтысты Йæ къабузтæ.
12 Денджызы онг айтыгъта йæ къабæзтæ,
Евфраты доны онг — йæ талатæ.
13 Уæд ын цæмæн ныппырх кодтай
йæ бырутæ,
йæ цупæлттæ йын
цæмæн тонынц фæндаггæттæ?
14 Хъæддаг хуытæ йæ хæрынц,
быдираг сырдтæ йын
йæ уидæгтæ æхсынынц.
15 Уæларвæфсады Бардарæг!
Де 'ргом нæм раздах,
æркæс уæларвæй ацы таламæ,
16 бахъахъхъæн
Дæхи къухæй сагъд сæндон,
Де схаст фырты!
17 Сæндон басыгъди, ныццагътой йæ,
Дæ азарæй Дæ адæм сæфынц.
18 Дæ рахизфарс чи лæууы
æмæ Де стыр хъомысæй
кæмæн бахай кодтай,
уыцы адæймагыл Дæ арм æрæвæр,
ахъаз ын бакæн!
19 Мах Дыл никуы сивдзыстæм
нæ зæрдæ;
цардмæ нæ раздах,
æмæ Дын ссардзыстæм Дæ ном!
20 О Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг,
сног нын кæн нæ тых!
Дæ рухс цæсгом нæм равдис,
æмæ фервæздзыстæм!

## 80

Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Ха-гиттит»-ы зæлтæм гæсгæ. Асафы псалом.

2 Цингæнгæ зарут Хуыцауæн —
Уый нæ тых у!
Цины хъæр сисут
Йаковы Хуыцауы кадæн!
3 Ныззарут Ын,
рæсугъд Ын æрцæгъдут далатæй,
æхцонзæл дыууадæстæнонтæй
æмæ хъисфæндыртæй!
4 Сыкъауадындзæй-иу ныууасут
мæйноджы æмæ
цæлхыдзаг мæйы бæрæгбæтты
рæстæджы!
5 Уый Израилæн у æгъдау,
Йаковы Хуыцауы амынд.
6 Йосефы байзæддагæн æй
бафæдзæхста,
Мысыры зæххæй
куы рацыдысты, уæд.
Уым фыццаг хатт, кæй нæ зыдтой,
уыцы хъæлæс фехъуыстой:
7 «Де уæхсчытæй дын
де 'ргъом æристон,
дæ чыргъæдтæ дын
айстон дæ къухтæй.
8 Уынгæджы сахат Мæм сдзынæзтай,
æмæ дæ Æз фервæзын кодтон,
сау æврагъы хуылфæй дын
дзуапп радтон,
Меривайы доны цур дæ
бафæлвæрдтон.
9 Мæ адæм, æрбайхъусут-ма ногæй
Мæ фæдзæхстмæ!
О Израил, куы Мæм байхъусис!
10 Æцæгæлон хуыцауыл дæхи
макуы бафæдзæхс,
æндæрбæстаг хуыцаумæ макуы скув!
11 Æз Дунедарæг дæн, дæ Хуыцау,
Мысыры зæххæй дæ Чи ракодта, уый.
Байгом кæн дæ дзых,
æмæ дæ бафсадон.
12 Фæлæ Мæм Мæ адæм
нæ байхъуыстой.

Израил Мæ коммæ нæ касти.
13 Сæ хиваст зæрдæйы бар сæ
ныууагътон,
æмæ сæ цыдæриддæр фæндыд,
уыдæттæ кодтой.
14 Тæхуды, куы Мæм байхъуыстаиккой
Мæ адæм!
Израил Мæ фæндагыл куы цыдаид!
15 Æз ын уайсахат йæ фыдгулты
басастаин,
йе 'фхæрджытыл ын Мæ азар
ныххуырстаин.
16 Æмæ, Дунедарæгæй йе сæфт чи уыдта,
уыдон зæрдæлхæнæнтæ кодтаиккой
Йæ разы,
мыггагмæйы æфхæрд райстаиккой.
17 Сымахæн та хойрагæн
æвзаргæ мæнæу лæвæрдтаид,
къæдзæхæй цы мыд тæдзы,
уымæй уæ æфсæстаид».

## 81 Асафы псалом.

Хуыцау сыстади
хуыцæуттты æмбырды
æмæ се 'хсæн рахаста Йæ тæрхон:
2 «Æнæраст тæрхон
кæдмæ хæсдзыстут,
фыдлæгты фарс кæдмæ хæцдзыстут?
3 Мæгуырты æмæ
сидзæрты сæрыл хæцут,
æфхæрд æмæ мæгуыр адæмæн
рæстаг тæрхон хæссут!
4 Бахизут æфхæрд æмæ мæгуыры,
фыдлæгты къухтæй сæ
фервæзын кæнут!

5 Ницы зонынц æмæ ницы 'мбарынц,
талынджы цæуынц;
суанг ма зæххы бындууртæ дæр
нынкъуыстысты!
6 Æз загътон: „Сымах хуыцæуттæ стут,
уе 'ппæт дæр —
Иууылбæрзонды фырттæ“,
7 фæлæ сымах дæр
иннæ адæмау амæлдзыстут,
зæххон хицæуттау бабын уыдзыстут».
8 О Хуыцау,
сыст æмæ тæрхон кæн зæххæн,
уымæн æмæ æппæт адæмтæ
сты Дæ исбон!

**81:1** Кæнæ «тæрхонгæнджыты». Ацы дзырдæн оригиналон тексты ис цалдæр нысаниуæджы: «хуыцæуттæ», «зæдтæ», «тæрхонгæнджытæ». 6-æм стихы дæр афтæ.

## 82 Зарæг. Асафы псалом.

2 О Хуыцау, ма у æнæсым,
ма лæуу æнцад!
ма у æнæдзуапп, Хуыцау!
3 Æркæс-ма, Де знæгтæ мæ
сæ хъæрахсты бын фæкодтой.
Йе сæфт Дæ чи уыны,
уыдон схæцыдысты сæ сæртыл.
4 Дæ адæмы ныхмæ Дын
сарæзтой фыдвæнд.
Дæ базыры бын кæй бакодтай,
уыдоны ныхмæ уынаффæтæ кæнынц.
5 Зæгъынц: «Цæй æмæ ацы адæмы
ныццæгъдæм,
цæмæй Израилы номæн
йæ кой, йæ хъæр дæр
макуыуал райхъуыса!»
6 Æмзæрдæйæ баныхас кодтой,
Дæ ныхмæ цæдис сарæзтой:
7 Едомы цатырты цæрджытæ,
измаелæгтæ, моавæгтæ, агарæгтæ,
8 гевалæгтæ, аммонæгтæ, амалекæгтæ,
филистимæгтæ Тиры цæрджытимæ.
9 Сæ фарс рахæцыдысты
ассириæгтæ дæр,
Лоты байзæддæгтæн
сæ хъаруйыл бафтыдтой.
10 Уæдæ сæ бабын кæн,
Кишоны былгæрон мидианæгты,
Сисерайы æмæ Йавины
куыд бабын кодтай,
11 Ен-Доры цæрджытæ
куыд фæцагъды сты
æмæ сæ мæрдтæ зæххæн хъацæн
куыд фестадысты, уыйау!
12 Сæ раздзæуджыты сын амар
Орев æмæ Зеевау,
сæ фæтæгты та —
Зевах æмæ Цалмуннæйау!
13 Уымæн æмæ уыдон дзырдтой:
«Мах бацахсдзыстæм
Хуыцауы зæххытæ».
14 О мæ Хуыцау, фæсур сæ,
дымгæ йæ уæлныхты уаддзалх
кæнæ зыгуымы муртæ
куыд ахæссы, уыйау!
15 Хъæды бæлæстыл зынг куыд сирвæзы,
хæхтыл арты пиллон куыд афæйлауы,
16 афтæ сæ Дæ тымыгъæй
ныффалгæрон кæн,
Дæ зилгæ уадæй сыл фыд азар бафтау!
17 Се 'фсарм куыд ссудза
æмæ Дæ куыд бацагурой, Дунедарæг,
афтæ сын бакæн!

18 Мыггагмæ сыл
худинаджы гакк сæвæр,
фыд тас сыл бафтау!
Уадз æмæ фæхудинаг уой
æмæ бабын уой!
19 Уадз æмæ базоной,
Дæ ном Дунедарæг кæй у,
æрмæст Ды кæй дæ
Бæрзæндтыл Бадæг
æгас зæххы сæрмæ!

**83** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. «Ха-гиттит»-ы зæлтæм гæсгæ. Корахы фыртты псалом.

2 Уæларвæфсады Бардарæг!
Куыд бæллиццаг у Дæ цæрæн бынат!
3 Тæхуды, Дунедарæджы Кувæндоны
кæрты ма
иу хатт мæ къах куы æрæвæрин!
Мæ зæрдæ æмæ мæ буар
цинимæ куы скъæфынц мæн
цардæгас Хуыцаумæ!
4 Дæ нывондхæссæнты алыварс
суанг сырддонцъиутæ
æмæ зæрватыччытæ дæр
сæ ләппынтæн ахстæттæ
куы аразынц,
Уæларвæфсады Бардарæг,
мæ Паддзах æмæ мæ Хуыцау!
5 Тæхудиаг сты,
Дæ хæдзары чи цæры, уыдон, —
иудадзыг Дæ стаудзысты!
6 Тæхудиаг у,
Ды йæ хъомысы гуырæн кæмæн дæ
æмæ Дæ раст фæндагыл цæуын
æхцон кæмæн у!
7 Цæссыджы дæлвæзы цæугæйæ дæр
уыдон
суадæттæ ссарынц,
арфæ йын æрхæссы къæвда.
8 Фæндагыл фылдæрæй-фылдæр
кæны сæ хъару,
Сионы хохыл
Хуыцауы раз æрлæууынц.
9 Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
айс мын мæ куывд!
Йаковы Хуыцау,
фехъус мын мæ лæгъстæ!
10 О Хуыцау, нæ сæрылхæцæг!
Дæ аудæг цæстæй æркæс
Дæ байсæрст паддзахмæ!

11 Дæ Кувæндоны кæрты
иу бон алæууын
æндæр ран мин боны арвитынæй —
хуыздæр!
Æнæхуыцæутты цатырты цæрынæй
Хуыцауы хæдзарæн
йæ къæсæры цур лæууын — хуыздæр!
12 Дунедарæг Хуыцау —
нæ хур æмæ нæ уарт.
Дунедарæг дæтты фарн æмæ кад.
Йæ царды бонтæ рæстæй чи æрвиты,
уыдоны æнæ хæрзиуæгæй
нæ ныууадздзæн.
13 Уæларвæфсады Бардарæг!
Тæхудиаг у,
Дæуыл йæхи чи фæдзæхсы,
уыцы адæймаг.

**84** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Корахы фыртты псалом.

2 О Дунедарæг!
Дæ бæстæйæн саккаг кодтай
Дæ хорзæх,
уацарæй раздæхтай
Йаковы байзæддаджы.
3 Дæ адæмæн сæ азым ныббарстай,
сæ тæригъæдтæ сын
ныххатыр кодтай.
4 Нал мæсты кодтай,
Дæ маст æрсабыр ис.

5 Нæ ирвæзынгæнæг Хуыцау,
сног нын кæн нæ тых,
мауал ныл кал Дæ маст!
6 Ау, æнусмæ нæм мæсты кæндзынæ?
Иу фæлтæрæй иннæмæ
судздзæни Дæ маст?
7 Ау, нал нæ раздахдзынæ цардмæ,
цæмæй Дæ адæм цин кæной,
Ды семæ кæй дæ, ууыл?
8 О Дунедарæг, Дæ хорзæх нын ратт,
Дæ ирвæзындзинад нын
балæвар кæн!

9 Байхъусон, Дунедарæг Хуыцау
цы зæгъдзæни, уымæ.
Уый Йæ иузæрдион адæмæн
сабыр цардæй зæрдæ æвæры.
Æрмæст ныууадзæнт
се ’нæсæрфат митæ.
10 Чи Дзы тæрсы,
уыдоны рæхджы фервæзын кæндзæн,
æмæ нæ бæстæйы
Хуыцауы кад æрцæрдзæн.
11 Хорзæх æмæ иузæрдиондзинад
баиу уыдзысты,

рæстдзинад æмæ фарн
кæрæдзийæн батæ кæндзысты.
12 Иузæрдиондзинад
тау суадздзæни зæххæй,
æмæ рæстад æркæсдзæни уæларвæй.
13 Хуыцау зæххыл æруадздзæни
Йæ фарн,
æмæ нын нæ зæхх ратдзæни
йæ тыллæг.
14 Дунедарæгæн Йæ разæй
цæудзæни Йæ рæстад
æмæ Йын æрцæттæ кæндзæни
фæндаг.

## 85 Давиды куывд.

О Дунедарæг, фехъус мæ
æмæ мын дзуапп ратт,
уымæн æмæ
мæгуыр æмæ гæвзыкк дæн!
2 Фыдбылызæй мæ бахиз,
уымæн æмæ Дыл æз иузæрдион дæн!
Фервæзын кæн Дæ лæггадгæнæджы,
уымæн æмæ Ды мæ Хуыцау дæ,
мæхи Дæуыл фæдзæхсын!
3 О Дунедарæг, батæригъæд мын кæн,
бон-сауизæрмæ Дæм дзыназын!
4 О Дунедарæг, Ды мæ ныфс Дæ,
Дæ лæггадгæнæджы зæрдæ
барухс кæн!
5 О Дунедарæг,
Ды хæрзгæнæг æмæ хатыргæнаг дæ,
æнæкæрон у Дæ хорзæх,
чи Дæм кувы, уыдонæн.
6 Дунедарæг, фехъус мын мæ куывд,
Дæ хъус æрдар мæ лæгъстæтæм!
7 Мæ тыхст бон Дæм дзыназын,
æмæ мын Ды ратдзынæ дзуапп.
8 О Дунедарæг, хуыцæутты ’хсæн
Дæуæн æмбал кæм ис?
Уымæн æмæ,
Ды цы хъуыддæгтæ аразыс,
уыдон никæмæн бантысдзысты!
9 Де сфæлдыст адæмтæ Дæм
иуылдæр æрбацæудзысты,
Дунедарæг,
æрзоныг кæндзысты Дæ разы,
сыстаудзысты Дæ ном.
10 Уымæн æмæ Ды дæ
Стыр Иунæг Хуыцау —
диссæгтæ фæлдисæг!
11 О Дунедарæг, сахуыр мæ кæн
Дæ фæндагыл цæуын,
цæмæй Дын иузæрдионæй
лæггад кæнон!
Мæ зæрдæйы мын
Дæ разы аргъуыцгæнгæ
цæрыны хъæру бауадз!
12 Зæрдæбынæй Дæ стаудзынæн
æмæ мыггагмæ кад кæндзынæн
Дæ номæн,
о Дунедарæг, мæ Хуыцау!
13 Уымæн æмæ мын Ды
Де стыр хорзæх саккаг кодтай,
бахызтай мæ æнæбын зындонæй.
14 О Хуыцау! Сæрыстыр адæм
сыстадысты мæ ныхмæ,
фыдлæгты бардз мæ
марынвæнд скодта —
уыдон нæ нымайынц Дæу!
15 Фæлæ Ды, Дунедарæг,
хæларзæрдæ æмæ тæригъæдгæнаг дæ,
бирæбыхсаг, бирæбараг
æмæ иузæрдион.
16 Æркæс мæм, батæригъæд мын кæн,
хъару ратт Дæ лæггадгæнæгæн,
фервæзын кæн Дæ унæуты фырты!
17 Кæй мыл аудыс,
уый нысан мын равдис;
уадз æмæ, æнæуынон кæмæн дæн,
уыдон феной, Ды мын, Дунедарæг,
кæй баххуыс кодтай,
ныфс мæ кæй бауагътай, уый
æмæ къæмдзæстыгæй баззайой!

## 86 Корахы фыртты псалом. Зарæг.

Дунедарæг Йæ сахарæн
уаз хохыл æрæвæрдта бындур.
2 Йаковы байзæддаджы цæрæнтæй
Дунедарæг уæлдай тынгдæр уарзы
Сионы кулдуар.
3 Хуыцауы сахар,
дæ кады кой айхъуысти дæрдтыл!

4 Чи Мæ зоны, уыдонæн Æз
Рахав æмæ Вавилоны кой
ракæндзынæн;
филистимæгтæ, стæй Тир
æмæ Эфиопийы цæрджытæ
зæгъдзысты:
«Ахæм æмæ ахæм адæймаг
райгуырди уым».
5 Сионы тыххæй дæр дзурдзысты:
«Ахæм æмæ ахæм адæймаг
райгуырди уым,
æмæ уыцы сахарæн
фидар бындур
Бæрзæндтыл Бадæг
Йæхædæг æрæвæрдта».

6 Дунедарæг адæмты сфысты
ныффысдзæн:
«Ахæм æмæ ахæм адæймаг
райгуырди уым.»
7 Кафджытæ æмæ зарæггæнджытæ
зæгъдзысты:
«Нæ фарны суадæттæ
иууылдæр Дæуæй цæуынц!»

**87** Зарæг. Корахы фыртты псалом. Зарæг-
гæнджыты къорды разамонæгæн. «Махалат
леаннот»-ы зæлтæм гæсгæ. Зарахы байзæд-
даг Хеманы зондамонæн псалом.

2 О Дунедарæг,
мæ ирвæзынгæнæг Хуыцау,
æхсæвæй-бонæй Дæумæ дзыназын!
3 Мæ куывд Дæм фехъуысæд!
Мæ лæгъстæмæ Дæ хъус æрдар!
4 Хъизæмарæй мæлын,
мæрдтыбæсты къæсæрыл лæууын.
5 Æз сдæн, ингæнмæ чи ныххызти,
хъару кæмæ нал ис, уыдоны ’нгæс.
6 Мæрдты ’хсæн мæ ныууагътой;
ингæны чи хуыссы, уыдоны —
лæджы къухæй кæй амардæуыд,
Ды хъуыды дæр кæй нал кæныс
æмæ Дæ къухæй чи фæиртæсти,
уыдоны ’нгæс сдæн.
7 Фехстай мæ æнæбын сæрсæфæнмæ,
сау дæлдзæхмæ.
8 Дæ судзгæ маст мыл уæз кæны,
Дæ уылæнты бын фæдæн.
9 Фæсырдтай мын мæ хæлæртты,
æлгъ мыл кæнынц.
Ахæстау æддæмæ мæ къах
нал æвæрын.
10 Фыр хъизæмарæй мæ цæстытæй
ницыуал уынын.
Æрвылбон Дæм дзынæзтон,
Дунедарæг,
мæ къухтæ Дæм тыгъдæй фæдардтон.

11 Мæрдтæн Ды цавæр диссæгтæ
равдисдзынæ?
Мæрдты удтæ растдзысты, мыййаг,
æмæ Дæ райдайдзысты стауын?
12 Ингæны Дæ хорзæхы кой
чи ракæндзæн?
Мæрдтыбæсты чи æрымысдзæн
Дæ иузæрдиондзинад?
13 Талынг дунейы
чи базондзæн Дæ диссæгтæ,
рохуаты бæсты — Дæ рæстдзинад?
14 Æз та, Дунедарæг, дзыназын Дæумæ!
Æрвылрайсом Дæм кувын!
15 Дунедарæг, цæмæн мыл
атигъ кодтай Дæхи,
Де ’ргом мæ цæмæн аздæхтай?

16 Ме ’взонджы бонтæй фæстæмæ
хъизæмарæй мæлын,
æрдуйæ нарæгдæр сси мæ уд.
Дæ азар мæ баййæфта,
æвирхъау тас мыл æртыхсын кодтай,
æмæ æз удхайраг фæдæн.
17 Дæ масты уылæнтæ
акалдысты мæ сæрты,
стыр тас мыл бафтыдтай,
æмæ асасти мæ ныфс.
18 Алы бон мыл донивылдау æртыхсы,
æрбалвасы мæ алырдыгæй.
19 Мæ хæлæртты, мæ уарзон æмбæлтты
Ды адард кодтай мænæй;
талынг — мæ иунæг æмбал.

**88** Зарахы байзæддаг Етаны зондамонæн
псалом.

2 О Дунедарæг, мыггагмæ зардзынæн
Де стыр хорзæхтыл,
фæлтæрæй фæлтæрмæ
хъусын кæндзынæн
Дæ рæстад.
3 Дзурын æз: æнусон у Дæ хорзæх,
Дæ иузæрдиондзиад
айтыгътай уæлæрвты.

[Хуыцау:]
4 — Æз ме ’взæрстимæ фидыд сарæзтон,
Мæ цагъарæн, Давидæн,
сомы ракодтон:
5 «Дæ байзæддагыл дын мыггагмæ
Мæ арм дардзынæн,
Дæ паддзахы бадæн дын
фæлтæрæй фæлтæрмæ
сфидар кæндзынæн».
6 Дунедарæг!
Уæлæрвтæ стауынц Дæ диссæгтæ,
Дæ иузæрдиондзинад
стауынц сыгъдæджытæ.
7 Дунедарæгимæ кæй абарæн ис
уæлæрвты?
Хуыцауы фыртты ’хсæн
Дунедарæджы хуызæн чи у?

8 Тасæфтауæг у Хуыцау
Йæ сыгъдæджыты астæу,
Йæ алыварс чи ис,
æппæт уыдонæй тæссагдæр.

9 О Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг,
Дæуæн æмбал кæм ис?
О Дунедарæг, чи у тыхджын Дæуау?
Дæ алыварс — Дæ иузæрдиондзинад.
10 Ды абухгæ денджызыл
паддзахиуæг кæныс,
йæ уылæнтæ хæрдмæ куы ссæуынц,
уæд сæ æрсабыр кæныс Ды.
11 Мæлæтдзаг цæф ныккодтай Рахавæн,
Дæ хъомысджын къухæй
Де знæгты фæсырдтай.
12 Дæу у арв, Дæу у зæхх дæр;
Ды сфæлдыстай дун-дуне
æмæ дзы цыдæриддæр ис, уыдон.
13 Цæгат æмæ хуссар дæр
Ды сфæлдыстай,
Дæ ном Дын сыстауынц
Фавор æмæ Ермон.
14 Хъæддых у Дæ цонг,
хъомысджын у Дæ къух,
Дæ рахиз къух бæрзонд систай.
15 Дæ паддзахы бадæны бындур —
рæстдзинад æмæ раст тæрхон;
Дæ хорзæх æмæ Дæ иузæрдиондзинад
цæуынц Дæ разæй.

16 Тæхудиаг — уæлахизгæнæг адæм!
Дунедарæг, сæ алыварс — Дæ рухс.
17 Дæ номыл цин кæнынц æрвылбон,
Дæ рæстадæй сты сæрыстыр.
18 Сæ тых æмæ сæ кад Ды дæ,
Дæ хорзæхы фæрцы уæлахиз кæнæм.
19 Дунедарæг — нæ уарт,
Израилы Уаз Хуыцау — нæ паддзах.
20 Дæ сыгъдæджытæм цæстылуайæны
раргом дæ æмæ загътай:
«Æз баххуыс кодтон сахъгуырдæн,
Мæ адæмы ’хсæн
кæй сæвзæрстон, уымæн.
21 Æз ссардтон Мæ цагъары, Давиды,
байсæрстон æй
Мæ сыгъдæг оливæйы сойæ.
22 Мæ цонг æй фидар кæндзæни,
Мæ арм ыл дардзынæн.
23 Нæ йыл фæтых уыдзæни знаг,
æнæхуыцау æй нæ бахъыгдардзæн.
24 Ныппырх кæндзынæн
йе знæгты йæ разы,
æнæуынон кæмæн у —
ныззыгуым сæ кæндзынæн.
25 Мæ хорзæх æмæ
мæ иузæрдиондзинад йемæ сты.
Йæ сыкъауадындзтæ Мæ номимæ
уæлахиздзауæй сисдзæни бæрзонд.
26 Йæ дæлбар ын
Æз бакæндзынæн денджыз,
цæугæдæттæ йын
ратдзынæн йæ къухмæ.
27 Уый хондзæни Мæн:
„Мæ Фыд, мæ Хуыцау,
мæ Ирвæзынгæнæг!“
28 Æз æй Мæ фыццаг зæнæг
скæндзынæн,
зæххон паддзæхтæн
се ’ппæтæй уæлдæр.
29 Мыггагмæ йын
Мæ хорзæх ратдзынæн,
Мæ фидыд Æз нæ фехалдзынæн йемæ.
30 Йæ байзæддаг цæрдзæн æнусмæ,
йæ паддзахы бадæн арвау у æнусон.
31 Йæ фырттæ Мын
куы ферох кæной Ме ’гъдау,
Мæ фæдзæхстытæ
куы не ’ххæст кæной,
32 Мæ фæткæвæрд Мын куы фехалой,
33 уæд Мæ лæдзæджы цæф базондзысты
æмæ сæ баййафдзæн Мæ азар
сæ тæригъæдты аххосæй.
34 Фæлæ Мæ хорзæхæй
нæ уыдзысты æнæхай,
Æз сыл æдзухдæр
иузæрдион уыдзынæн.
35 Мæ фидыд Æз нæ фехалдзынæн семæ,
Мæ зæрдæвæрд
нæ аивдзынæн никуы.
36 Æз иу хатт сомы ракодтон
Мæ сыгъдæгдзинадæй,
нæ асайдзынæн Æз Давиды.
37 Йæ байзæддаг
нæ сыскъуыйдзæн мыггагмæ,
йæ паддзахы бадæн —
хурæнгæс Мæ разы;
38 уыдзæн æнусмæ
мæйы хуызæн фидар,
уæларвыл ис нæ сомыйы æвдисæн».
39 Фæлæ ныл Ды хъоды бакодтай ныр,
æнæуынон Дын систæм,
Дæ байсæрстмæ Дæ маст ссыгъди.
40 Дæ цагъаримæ фехæлдтай
Дæ фидыд,
йæ кады худ ын фехстай зæхмæ.
41 Ды йын ныппырх кодтай йæ бырутæ,
йæ фидæрттæй йын
сарæзтай хæлддзæгтæ,
42 фæндаггонтæн сси хæлæттаг,
йæ сыхæгтæн — хынджылæггаг.
43 Ды радтай йе знæгтæн уæлахиз,
йæ фыдызнæгтæн
циндзинад æрхастай,

44 йæ хъама йын
ныкъкъуымых кодтай хæсты,
Ды тохы бон нæ хæцыдтæ йæ фарс.
45 Йæ паддзахы лæдзæг ын байстай,
йæ паддзахы бадæн ын сфæлдæхтай.
46 Йе 'взонджы бонтæ йын
фæцыбыр кодтай,
æгады ном ыл сæвæрдтай.

47 О Дунедарæг!
Кæдмæ æмбæхсдзынæ Дæхи?
Кæдмæ калдзæни пиллон арт
Дæ маст?
48 Мæ цард куыд цыбыр у, уый æрымыс.
Ау, адæмы бынтон дзæгъæлы
сфæлдыстай?
49 Адæмæй чи царди
æмæ мæлæт чи нæ федта,
мæрдтыбæстæй чи аирвæзт?
50 О Дунедарæг!
Дæ раздæры хорзæхтæ кæм сты?
Ды сомы куы ракодтай Давидæн,
кæй йыл уыдзынæ иузæрдион.
51 О Дунедарæг, æрымыс,
фидиссаг куыд систæм знæгтæн,
æцæгæлон адæмтæн —
хынджылæггаг,
52 Де знæгтæ нын
фидистæ куыд кæнынц, Дунедарæг,
Дæ байсæрсты йæ алы къахдзæфыл
куыд æгад кæнынц.
53 Дунедарæг арфæгонд у
æнусæй æнустæм.
Аммен. Аммен.

**89** Хуыцауы æвзæрст лæг Моисейы куывд.

2 О Хуыцау, фæлтæрæй фæлтæрмæ
Ды дæ не 'мбæхсæн бынат!
3 Хæхтæ нæма сæнтыстысты,
дуне æмæ зæхх нæма сфæлдыстай —
æнусæй æнустæм Ды Хуыцау дæ.

4 Ды адæймаджы фæстæмæ
сыджытмæ раздахыс,
фæзæгъыс адæмæн:
«Раздæхут сыджытмæ!»
5 Дæуæн мин азы сты зноны бонау,
æхсæвы хъахъхъæнæджы иу аивдау.
6 Ды тыгъдызæйау адæмы
ахæссыс Дæ разæй,
æмæ æрбайсæфынц фынау;
кæрдæджы 'нгæс сты уыдон —
райсомæй чи æрзайы,
дидинæг чи ракалы,
изæры та чи ахус вæййы.
7 Уымæн æмæ мах
Дæ азарæй фесæфæм,
Дæ маст ныл æвирхъау тас æфтауы.
8 Нæ тæригъæдтæ нын
равæрдтай Дæ разы,
нæ сусæгтæ Дæ цæсгомы рухсæй
раргом кодтай.
9 Цæргæбонты нæм Дæ маст нæ сысы,
æмæ нæ азтæ иунæг уысмау атæхынц.
10 Нымадæй ахæссæм æвдай азы,
хъæддыхдæр чи у, уый — æстай,
сæ фылдæр хай —
фыдæбон æмæ низтæ;
уайтагъд фæвæййынц,
æмæ æрбайсæфæм.
11 Дæ масты тых Дын чи базыдта?
Хуыцауы тас нæм цас фылдæр ис,
уый бæрц нæм къаддæр
абухы Дæ маст.
12 Сахуыр нæ кæн нæ царды бонтæ
афтæ нымайын,
цæмæй нæ зæрдæ суа куырыхон.
13 О Дунедарæг, раздæх нæм!
Кæдмæ нæм мæсты кæндзынæ?
Батæригъæд кæн Дæ цагъартæн!
14 Æрвылрайсом нæ
Дæ хорзæхæй æфсад,
цæмæй зæрдæрухс уæм,
нæ царды бонтæ цинимæ æрвитæм.
15 Цал боны æмæ нæ
цал азы æфхæрдтай,
уыдоны ныхмæ нын циндзинад ратт,
16 Дæ цагъартæ Дын Де стырад
куыд феной,
сæ кæстæртæм куыд раргом уа
Дæ кад!
17 Нæ Дунедарæг Хуыцауы
хорзæх нæ уæд!
Нæ къухтæ нын фæфидар кæн
нæ алы хъуыддаджы,
хъæру ратт нæ цæнгты фæллойæн!

**90** Иууылбæрзондæн Йæ дæлбазыр
чи цæры,
уый Æппæтхъомысы ауоны
ссары æнцой.
2 Дунедарæгæн зæгъы:
«Ды — мæ ирвæзæн фидар,
мæ къæдзæх,
мæ зæрдæ Кæуыл дарын,
уыцы Хуыцау!»
3 Уый дæ фервæзын кæндзæн
ахсæн хызæй æмæ алы фыдбылызæй.
4 Йæ базыры бын дæ бакæндзæн,

æмæ дын тас ницæмæй уыдзæн.
Йæ иузæрдиондзинад —
дæ сис æмæ дæ уарт.
5 Æхсæв дын тас
нæ уыдзæни фыдмонтæй,
боныгон — тæхгæ фатæй,
6 талынджы хъуызæг емынæйæ
æмæ æмбисбон сафæг рынæй.
7 Минæй æрхаудзысты Дæ разы,
дæс мины та — дæ рахизфарс,
фæлæ ды баззайдзынæ æвыдæй.
8 Æрмæстдæр æвдисæн уыдзынæ —
дæхи цæстæй
фыдлæгты æфхæрд фендзынæ.
9 Уымæн æмæ ды загътай:
«Мæ зæрдæ Дунедарæгыл дарын».
Дунедарæгыл бафæдзæхстай дæхи,
10 æмæ фыдбылызы нæ бахаудзынæ,
дæ хæдзармæ бæллæх нæ бацæудзæн.
11 Бафæдзæхсдзæни дæ Йæ зæдтæн —
дæ алы фæндагыл дæ
бахъахъхъæндзысты.
12 Сæ къухтыл дæ ахæсдзысты,
æмæ дæ къах дурыл дæр
не скъуырдзынæ.
13 Домбай æмæ сау калмы
дæ къæхты бын кæндзынæ,
домбай æмæ залымы ныссæнддзынæ.
14 Дунедарæг зæгъы:
«Уарзы Мæ,
æмæ йæ Æз фервæзын кæндзынæн
Мæ ном Мын зоны,
æмæ йæ Æз бахиздзынæн.
15 Фæсиддзæн Мæм,
æмæ йæ Æз фехъусдзынæн.
Йæ тыхсты сахат йемæ дæн.
Æххуысмæ йæм фæзындзынæн
æмæ йæ скадджын кæндзынæн.
16 Царды бонтæй йæ бафсаддзынæн,
Мæ ирвæзындзинад ын
раргом кæндзынæн».

## 91 Псалом. Сабатбоны зарæг.

2 Куыд æхцон у Дунедарæджы стауын
æмæ Дæ номы кадæн зарын,
Бæрзæндтыл Бадæг,
3 сæумæрайсом стауын Дæ хорзæх,
æхсæвыгон — Дæ иузæрдиондзинад,
4 дæстæнонтæ æмæ хъисфæндырты
зæлтимæ.
5 Уымæн æмæ мын, Дунедарæг,
мæ зæрдæ срухс кодтай
Дæ хъуыддæгтæй.
Дæ къухæй цыдæриддæр сарæзтай,
уыдоны цинæй райын.
6 О Дунедарæг!
Куыд æгæрон сты Дæ хъуыддæгтæ,
куыд арф сты Дæ хъуыдытæ!
7 Æдылы сæ нæ зоны,
æнæфенд сæ не 'мбары.
8 Фыдгæнджытæ кæрдæгау рæзынц,
æнæхуыцæуттæ дидинæг калынц,
фæлæ уыдон
фесæфдзысты мыггагмæ.
9 Дæуæн та, Дунедарæг,
Дæ кад бæрзонд у æнусмæ!
10 Де знæгтæ, Дунедарæг,
Де знæгтæ бабын уыдзысты æцæгдæр,
фыдгæнджытæ алырдæмты
фæлидздзысты.
11 Мæнæн та галы сыкъайау
мæ сыкъа сисыс бæрзонд,
ноглæмæрст оливæйы сойæ мæ
байсæрдыс.
12 Мæ цæстытæ
ме знæгты сæфт уынынц,
мæ ныхмæ растджытæн
се сæфты кой хъусын.
13 Рæстгæнæг дыргъбæласау
дидинæг калдзæн,
хæрдмæ фæцæудзæни
ливайнаг кедрау.
14 Дунедарæджы хæдзары
кæй ныссагътой,
уыдон дидинæг калынц
нæ Хуыцауы кæртыты,
15 зæры бонты дæр дыргъджын,
донджын æмæ райдзастхуыз
уыдзысты,
16 цæмæй хъусын кæной,
Дунедарæг, мæ къæдзæх,
рæстаг кæй у, уый
æмæ Йæм æнæрастæй кæй ницы ис!

## 92 Дунедарæг у Паддзах!

Кад — Йæ фæлыст, хъомыс — Йæ рон,
Уымæн лæууы дун-дуне фидар.
Нæ фенкъуысдзæн.
2 Незамантæй Дæ паддзахы бадæн —
æнæфенкъуысгæ,
Дæхæдæг та — паддзах æнустæм!
3 О Дунедарæг, дætты уынæр хъуысы,
абухынц дæттæ, æмбухынц æрвнæрдау.
4 Абухгæ дæтты уынæрæй,
денджызы знæт уылæнтæй
тыхджындæр у Дунедарæг уæлæрвты!
5 Дæ уынаффætæ сты ныфсы хос,
Дæ хæдзар æнустæм
уаз рухсæй фæлыст у!

**93** О, алкæмæн йæ хъуыддæгтæм гæсгæ
фидæг Хуыцау!
О Дунедарæг, раргом нæм кæн Дæхи!
2 Æгас зæххы Тæрхонгæнæг,
сыст, хирвæссонты бафхæр!
3 О Дунедарæг, æнæхуыцæуттæ
кæдмæ кæндзысты уæлахиз?
4 Сæ ныхæстæ — къæйных,
сæ фыдракæндтæй æппæлынц.
5 О Дунедарæг,
ссæндынц Дын Дæ адæмы,
æфхæрынц сæ,
6 цæгъдынц идæдз сылгоймæгты,
æрцæуæггæгты æмæ сидзæрты.
7 Уыдон дзурынц:
«Дунедарæг нæ фендзæнис,
нæ базондзæнис уыдæттæ
Йаковы Хуыцау».
8 Уæхи æрæмбарут, æдылытæ!
Æнæфендтæ, уæ сæры зонд
кæд бацæудзæн?
9 Ау, хъустæ чи радта,
уый ницы фехъусдзæн?
Цæстытæ сфæлдисæг,
ау, ницы фендзæнис?
10 Адæмты Зондамонæг,
адæймаджы Чи ахуыр кæны,
Уый, ау, сымах не 'рфæрсдзæн?
11 Дунедарæг зоны адæмы хъуыдытæ —
уыдон кæй æрбайсæфынц мигъау.

12 Дунедарæг! Тæхудиаг у,
Ды зонд кæмæн амоныс,
уыцы адæймаг,
Де 'Гъдауыл кæй ахуыр кæныс, уый,
13 цæмæй фыд заманы уа æдас,
цалынмæ æнæхуыцауæн
уæрм скъахтæуа, уæдмæ.
14 Дунедарæг нæ ныууадздзæн
Йæ адæмы,
Йæ исбон Дзы нæ ферох уыдзæн.
15 Тæрхондоны уæлахиз
кæндзæни рæстдзинад,
æмæ рæстудтæ
раст тæрхоны фарс хæцдзысты.

16 Фыдгæнджыты ныхмæ
тохы чи бацæудзæн мæ сæрыл?
Фыдлæгты ныхмæ чи рахæцдзæн мæ
фарс?
17 Дунедарæг мыл куынæ æххуыс кæнид,
уæд афонмæ зæххыл
мæ кой дæр нал уаид.
18 Куы-иу загътон,
гъа, ныр фæкæлдзынæн, зæгъгæ,
уæд-иу мæ, Дунедарæг,
фæфидар кодта Дæ хорзæх.

19 Мæ зæрдæ хъизæмар кæны,
фæлæ мæ 'рсабыр кæныс Ды,
æмæ та сцин кæны мæ уд.
20 Фыдгæнджыты паддзахы бадæн,
Де 'Гъдауы ныхмæ чи цæуы, уый
не 'рфидар уыдзæн Дæ разы.
21 Уыдон рæстудты ныхмæ сыстынц,
æнаххосты туг калынц,
22 фæлæ мæн Дунедарæг хъахъхъæны,
мæ ныфсы мæсыг у мæ Хуыцау.
23 Сæ фыдбылызтæ сын
сæхи ныхмæ фæкæндзænис,
сæ фыдракæндты тыххæй
ныццæгъддзæн,
фесафдзæн сæ Дунедарæг, нæ Хуыцау.

**94** Æрбацæут æмæ цины зарæгæй
Дунедарæджы сыстауæм,
кад кæнæм Хуыцауæн,
нæ ирвæзæн Къæдзæхæн.
2 Йæ разы æрлæууæм райгондæй,
кады зарджытæй Йæ стауæм,
3 уымæн æмæ Стыр Хуыцау у
Дунедарæг —
æппæт хуыцæутты Стыр Паддзах.
4 Зæххæн йæ быиндуртыл Уый хæцы,
хæхты бæрзæндтæ Йæ къухы сты.
5 Уый у денджыз дæр,
Уый йæ сфæлдыста,
æмæ сур дæр саразтой Йæ къухтæ.
6 Æрбацæут-ма æмæ бакувæм,
æрзоныг уæм Дунедарæджы,
не Сфæлдисæджы раз.
7 Уый нæ Хуыцау у, мах та — Йæ адæм,
Йæ фысты дзуг.
Абон Ын Йæ хъæлæс
куы фехъусат, уæд,
8 фæлварæн бон Меривайы,
æдзæрæг быдыры, Массæйы,
куыд уыдыстут,
уæдау уæ зæрдæтæ ма ныддур кæнут.
9 Уæ фыдæлтæ Мæ уым фæлвæрдтой
æмæ, цы саразтон, уый федтой.
10 Дыууиссæдз азы
Æз мæсты уыдтæн сæ фæлтæрмæ.
Уæд загътон:
«Ацы адæмæн сæ зæрдæтæ
адзæгъæл сты,
Мæ фæндæгтæ Мын нæ зонынц».
11 Æз смæсты дæн æмæ расомы кодтон:
«Ме 'нцойадмæ
никуы бацæудзысты уыдон».

**95** Дунедарæгæн ног зарæг зарут,
æгас зæххы цъар, Дунедарæгæн зар!
2 Зарут Дунедарæгæн,
арфæ кæнут Йæ номæн,
бонæй-бонмæ
Йæ ирвæзындзинадыл дзурут!
3 Адæмтæн дзурут Йæ кадыл,
æппæт адæмтæн — Йæ диссæгтыл.
4 Уымæн æмæ Дунедарæг стыр у,
æппæлыны аккаг у Уый,
æппæт хуыцæуттæй — тæссагдæр.
5 Адæмтæн сæ хуыцæуттæ —
гуымирытæ,
Дунедарæг та сфæлдыста уæлæрвтæ.
6 Йæ кад æмæ намыс
цæуынц Йæ разæй;
Йæ Кувæндоны —
Йæ хъару æмæ Йе стырад.
7 Адæмтæ, сыстаут Дунедарæджы,
стаут Ын Йæ кад æмæ Йæ хъомыс!
8 Дунедарæгæн Йæ номы аккаг
кад скæнут,
бацæут Йæ кæртытæм хуынтимæ.
9 Бакувут Дунедарæгæн
Йæ сыгъдæг кады рухсы!
Æгас зæхх Дунедарæджы раз
æмризæджы нырризæд!
10 Фехъусын кæнут адæмтæн:
«Дунедарæг паддзахиуæг кæны!»
Дун-дуне Уый фæрцы у фидар,
нæ фенкъуысдзæн;
Дунедарæг адæмтæн
раст тæрхон кæндзæн.
11 Цин кæнæд уæларв иууылдæр,
цинæй райæд зæхх;
нынннæрæд денджыз æмæ,
йæ мидæг цыдæриддæр ис, уыдон;
12 райгонд уæнт фæзтæ
æмæ сыл цыдæриддæр ис, уыдон.
хъæды бæлæстæ иууылдæр
ныццин кæнæнт
13 Дунедарæджы раз,
уымæн æмæ Дунедарæг æрцæудзæн —
тæрхон кæнынмæ зæххæн.
Уый дунейæн
тæрхон кæндзæни рæстдзинады,
Йæ æцæгады домæнтæм гæсгæ.

**96** Дунедарæг у Паддзах!
Райæд зæххы цъар,
райæнт денджызгæрон
æппæт бæстæтæ.
2 Йæ алыварс — мигъ, саудалынг,
Йæ паддзахы бадæны бындур —
рæстдзинад æмæ раст тæрхон.
3 Йæ разæй цæуы арт,
Йæ алыварс Ын бавзалы кæны
Йе знæгты.
4 Йæ арвæрттывдтæй рухс у дун-дуне;
зæхх уый уыны æмæ ризы.
5 Хæхтæ тайынц мыдадзау
Дунедарæджы,
зæххы цъары Бардарæджы раз.
6 Уæлæрвтæ хъусын кæнынц
Йæ раст тæрхон,
адæмтæ æвдисæн сты Йæ кадæн.
7 Додой сæ къона,
гуымирытæн чи кувы
æмæ сын лæггад чи кæны, уыдонæн!
Æппæт хуыцæуттæ,
зæххыл æрхаут Йæ разы!

8 Хъусы Сион æмæ райы,
цин кæнынц Иудейы чызджытæ,
цин кæнынц, Дунедарæг,
Дæ раст тæрхоныл!
9 Уымæн æмæ Ды, Дунедарæг,
æгас зæххæй бæрзонддæр,
æппæт хуыцæуттæй уæлдæр дæ!
10 Дунедарæджы уарзджытæ,
æнæуынон уын уæд фыддзинад!
Уый хъахъхъæны рæстгæнджыты,
æнæхуыцæутты къухæй сæ бахизы.
11 Рухс сæрттывта рæстгæнæгæн,
сыгъдæг зæрдæты цин æрцарди.
12 Цин кæнут, рæстудтæ, Дунедарæгыл,
стаут Æй, уаз кæй у, уый тыххæй!

**97** Псалом.

Зарут Дунедарæгæн ног зарæг,
уымæн æмæ Уый диссæгтæ сарæзта.
Йæ рахиз къухæй, Йæ уаз къухæй
Уый райста уæлахиз!
2 Дунедарæг раргом кодта
Йæ ирвæзындзинад,
æппæт адæмтæн раргом кодта
Йæ рæстад.
3 Йæ зæрдыл æрлæууыди Йæ хорзæх,
Израилы адæмыл
иузæрдион кæй у, уый.
Æмæ зæххы кæрæттæм адæмтæ
нæ Хуыцауы ирвæзындзинад федтой.
4 Цинæй райут Дунедарæгыл,
æгас зæххы цæрджытæ!
Цинхъæр кæнут,
хъæлдзæг ут æмæ зарут!
5 Зарут Дунедарæгæн
дыууадæстæнонты цагъдимæ,
Зарут хъæрæй

дыууадæстæнонты зæлтимæ!
6 Хæтæлтæ æмæ сыкъауадындзы
цагъдимæ
цинæй райут уæ Паддзахы,
Дунедарæджы раз!
7 Нæрæд денджыз
æмæ дзы цыдæриддæр ис, уыдон,
цинвæдис кæнæд дун-дуне
йе 'ппæт цæрджытимæ!
8 Цæугæдæттæ Йын
æмдзæгъд кæнæнт,
цин кæнæнт хæхтæ
9 Дунедарæджы раз,
Уымæн æмæ Уый зæххæн
тæрхон кæнынмæ рацæуы.
Уый дун-дунейæн рахæсдзæн
рæстаг æмæ æнæхæрам тæрхон.

## 98

Дунедарæг у Паддзах,
æмризæджы ризæнт адæмтæ!
Уый æнцайы херувимтыл;
уадз æмæ æнкъуыса зæхх!
2 Стыр у Сионы Хуыцау,
бæрзонд у Йæ кад æппæт адæмтæм.
3 Стауæнт уыдон Де стыр
æмæ тасæфтауæг ном:
сыгъдæг у уый!
4 Хъомысджын Паддзах
раст тæрхон уарзы.
Ды сфидар кодтай рæстдзинад,
Йаковæн равдыстай
раст æмæ æнæхæрам тæрхон.
5 Staут Дунедарæджы, нæ Хуыцауы,
бакувут Йæ æрлæуууæн бынатæн:
сыгъдæг у Уый!
6 Моисей æмæ Аарон
Йæ сауджынты 'хсæн уыдысты,
Самуел та — Йæ ном Ын чи ары,
уыдоны 'хсæн.
Уыдон Дунедарæгмæ дзынæзтой,
æмæ сын Уый дзуапп лæвæрдта.
7 Æврагъцæджындзæй дзырдта семæ,
Æгъдау сын радта,
æмæ уыдон æххæст кодтой
Йæ фæдзæхстытæ,
Йæ уагæвæрдтæ.
8 Дунедарæг, нæ Хуыцау!
Ды сын дзуапп лæвæрдтай
æмæ сын уыдтæ бараг Хуыцау,
фæлæ сæ æфхæрдтай
сæ рæдыдты тыххæй.
9 Стаут Дунедарæджы, нæ Хуыцауы,
кад Ын кæнут Йæ сыгъдæг хохыл,
уымæн æмæ сыгъдæг у Дунедарæг,
нæ Хуыцау!

## 99

Стауæн псалом.

Æгас зæхх, Дунедарæджы сыстау!
2 Дунедарæгæн цинимæ лæггад кæнут,
хъæлдзæгæй æрбацæут Йæ размæ!
3 Базонут: Дунедарæг у Хуыцау.
Уый нæ рафæлдыста, Уый стæм —
Йæ фысты дзуг, Йæ адæм.
4 Стаугæйæ, бахизут Йæ кулдуарæй,
арфæгæнгæ бацæут йæ кæртмæ,
скад Ын кæнут,
арфæ ракæнут Йæ номæн.
5 Дунедарæг — хæрзаудæг,
Йæ хорзæх — æнусон,
Йæ иузæрдиондзинад —
фæлтæрæй фæлтæрмæ.

## 100

Давиды псалом.

Иузæрдиондзинад æмæ раст тæрхон
стауын мæ зарæджы,
Дæуæн зарын, Дунедарæг!
2 Раст фæндагыл у мæ сагъæс æдзух,
кæд мæм æрцæудзынæ?

Сыгъдæгзæрдæйæ æз цæрын
мæ хæдзары,
3 æлгъаг цы у, ахæмæй
ницы сæвæрдзынæн
мæ цæстыты раз.
Хуыцауыл йæ зæрдæ сивæг
æнæуынон у мæнæн,
æмгæрон æм не 'рцæудзынæн.
4 Мæнгардæй мæм ницы ис,
фыддзинадæй мæхи хизын.
5 Фæсвæд искæуыл цъыф чи калы,
уыдоны дзыхтæ сæхгæнын,
сæрхызт æмæ æнæвварсонæн
нæ барын.
6 Мæ цæстæнгас сарæзтон
бæстæйы иузæрдионтæм,
мæхимæ сæ æрбахæстæг кæнын.
Раст фæндагыл чи цæуы,
уый мын лæггад кæндзæни.
7 Мæнгардæн мæ хæдзары бынат нæй,
мæнг дзурæгæн мæ цæсты раз
бынат нæ разындзæн.
8 Æрвылрайсом æнаккæгты
цæгъдын зæххыл,
Дунедарæджы сахарæй
фесафдзынæн фыдгæнджыты.

## 101

Рыст адæймаджы куывд, Дунедарæджы раз йæ зæрдæйы хъыгтæ куы раргом кæны, уæд.

2 О Дунедарæг! Фехъус мын мæ куывд,
мæ дзыназын Дæм сыхъуысæд.
3 Ды Де 'ргом ма аздах мæнæй,
мæ хъыджы бон мæм Дæ хъус æрдар,
куы Дæм дзыназон —
дзуапп мын ратт æвæстиатæй.

4 Фæздæгау фæивгъуыйынц мæ бонтæ,
судзынц ме стджытæ æхсидавау.
5 Мæ зæрдæ — цæф,
бахус ис кæрдæгау,
хæрды мæт дæр мæ ферох ис.
6 Мæ фыр рыстæй æз
царм æмæ стджытæ фестадтæн,
7 æдзæрæг быдыры цæрæг уыгау сдæн,
мæ рæстæг уыйау
хæлддзæгтыл æрвитын.
8 Уæлхæдзары иунæгæй фæбады цъиу,
æз уыйау ныр
фынæй нæ кæнын, бадын.
9 Фауынц мæ æрвылбон ме знæгтæ,
кæнынц хынджылæг,
æлгъитынц искæй мæ номæй.

10 Хæрын фæнык æз дзулау,
мæ дон цæссыгтимæ схæццæ.
11 Дæ маст у уый,
æз бавзæрстон Дæ азар,
бæрзонд мæ систай,
стæй мæ фехстай зæхмæ.
12 Мæ царды бонтæ
ивгъуыйынц ауыонау,
æз баруадтæн кæрдæгау.
13 Дунедарæг, Ды æнусон дæ,
æмæ Дæ кой фæлтæрæй фæлтæрмæ
нæ фесæфдзæн.
14 Ды растдзынæ æмæ Сионæн
фæтæригъæд кæндзынæ,
ныххатыр кæнын афон ын æрцыд,
æрхæццæ ис йæ рæстæг.
15 Суанг йæ дуртæ дæр ын бауарзтой
Дæ цагъартæ,
йæ рыг дæр нын сси зынаргъ.
16 Дунедарæджы номæй
адæмтæ тæрсдзысты,
æппæт зæххон паддзæхтæ
риздзысты Дæ кады раз.
17 Уымæн æмæ Дунедарæг
рацараздзæни Сион,
Йæ кадимæ нæм равдисдзæни Йæхи.
18 Æнæбонты куывд фехъусдзæни Уый,
нæ атигъ кæндзæни Йæхи
сæ куывдтытыл.
19 Ног фæлтæртæн
уыдæттæ ныффысдзысты,
фидæны фæлтæр
Дунедарæджы стаудзысты.
20 Уымæн æмæ Уый
Йæ уаз бæрзæндæй ракасти,
Дунедарæг зæхмæ 'ркасти уæларвæй —
21 ахст адæмæн фехъуыста сæ куывд,
мæлинæгтæн сæрибар радта,
22 цæмæй Сионы Дунедарæджы ном
хъусын кæной,
цæмæй Йын скад кæной
Йерусалимы —
23 адæмтæ 'мæ паддзахæдтæ
куы 'рæмбырд уой
Дунедарæгæн лæггад кæнынмæ, уæд.

24 Мæ тых мын басаста Дунедарæг
мæ фæндагыл,
фæкъаддæр мын кодта
мæ царды бонтæ.
25 Æз загътон: «О мæ Хуыцау!
Мæ цард мын
ма аскъуыйын кæн æрдæгыл,
Дæ азтæ Дæуæн —
фæлтæрæй фæлтæрмæ.
26 Ды незаманты зæххæн
æрæвæрдтай бындур,
Дæ къухæй конд у арв дæр.
27 Уыдонæн æрцæудзæнис кæрон,
Ды та уыдзынæ мыггагмæ;
уыдон алæзæрдзысты дарæсау,
пæлæзау сæ раивдзынæ Ды,
æмæ нал уыдзæни сæ кой дæр.
28 Ды та æнæивгæ уыдзынæ,
Дæ азтæн нæй кæрон.
29 Дæ цагъарты цот цæрдзысты,
æмæ сæ мыггаг нæ сысккъуыйдзæн
Дæ цæсгомы раз».

## 102 Давиды псалом.

Арфæ кæн, мæ уд, Дунедарæгæн,
арфæ кæн, мæ зæрдæ, Йæ уаз номæн!
2 Арфæ кæн, мæ уд, Дунедарæгæн,
ма Йын рох кæн Йæ бирæ хорзæхтæ:
3 Уый дын хатыр кæны
де 'ппæт азымтæ,
дзæбæх дын кæны де 'ппæт низтæ.
4 Ирвæзын дæ кæны ингæнæй,
кады худау дæуæн —
Йæ хорзæх æмæ Йæ бирæ хæрзтæ.
5 Йæ лævæрттæй дæ æфсады,
æмæ цæргæсау раздæхы де 'взонгад.

6 Рæстаг сты
Дунедарæджы хъуыддæгтæ, —

æфхæрды сæрыл
раст тæрхон рахæссы.
7 Уый Моисейæн раргом кодта
Йæ фæндæгтæ,
Израилы байзæддæгтæн —
Йæ хъуыддæгтæ.
8 Дунедарæг рæдау æмæ хатыргæнаг у,
бирæ быхсы, æгæрон у Йæ хорзæх.
9 Йæ маст нæ судздзæни мыггагмæ,
æнустæм маст Йæ зæрдæйы нæ хæссы.
10 Нæ тæригъæдтæм гæсгæ нын
нæ фæвæййы,
нæ азымтæм гæсгæ нын нæ бафиды.
11 Арв зæххæй цас бæрзонддæр у,
уыйас æгæрон у Йæ хорзæх,
Хуыцауы тас кæмæ ис, уыдонмæ.
12 Скæсæн ныгуылæнæй цас дард у,
уыйас махæй адард кодта
нæ фыдракæндтæ.
13 Фыд йæ хъæбултыл куыд ауды,
афтæ ауды Дунедарæг,
Хуыцауы тас кæмæ ис, уыдоныл.
14 Уымæн æмæ нын зоны не сконд,
сыджыт кæй стæм,
уый Дзы нæ рох кæны.
15 Адæймаджы цард у
кæрдæджы фæзындау,
быдираг дидинæгау бирæ нæ ахæссы.
16 Радымы йыл дымгæ,
æмæ цыдæр æрбавæййы,
æмæ, кæм уыд, уыцы бынат дæр
ничиуал æрымысдзæн.
17 Хуыцауы тас кæмæ ис, уыдон та
Дунедарæджы хорзæхæй
хайджын уыдзысты мыггагмæ.
18 Хуыцауы фидыд кæй зæрдыл лæууы,
Йæ фæдзæхстытæ Йын
чи нæ рох кæны
æмæ сæ чи æххæст кæны,
уыдонæн сæ байзæддаг
хайджын уыдзысты Йæ хорзæхæй.
19 Дунедарæг Йæ паддзахы бадæн
æрæвæрдта уæлæрвты
æмæ паддзахиуæг кæны дун-дунейы.

20 Арфæ кæнут Дунедарæгæн,
Йæ хъомысджын зæдтæ,
Йæ дзырд æххæстгæнджытæ,
Йæ ныхасмæ хъусджытæ.
21 Арфæ кæнут Дунедарæгæн,
Йе ’ппæт уæларвон æфсæдтæ,
Йæ фæндон æххæстгæнæг
лæггадгæнджытæ.
22 Арфæ кæнут Дунедарæгæн
Йе ’ппæт фæлдисæндтæ —
Йæ паддзахады кæмдæриддæр.
Арфæ ракæн, мæ уд, Хуыцауæн.

**103** Арфæ ракæн, мæ уд, Дунедарæгæн!
Дунедарæг, мæ Хуыцау, стыр дæ Ды!
Кад æмæ стырад — Дæ фæлыст.
2 Рухсæй Дæхи сфæлыстай дарæсау
æмæ арв айтыгъætай цатырау,
3 дæттæн сæ сæрмæ
æрцарæзтай галуантæ.
Æврагъ — Дæ уæрдон,
дымгæйы базыртыл тæхыс.
4 Дымгæтау скæныс Дæ зæдты,
зынг æмæ артау —
Дæ лæггадгæнджыты.
5 Фидар бындурыл æрæвæрдтай зæхх
æмæ йæ бынатæй
никуы фæиртæсдзæн.
6 Дарæсау æй æрæмбæрзтай дæттæй
æмæ уыдон хæхтæй фæуæлдæр сты.
7 Фæлæ дæ хъæрæй згъорынмæ фесты,
лидзынц дæттæ Дæ ныннæрдæй.
8 Азгъордтой хæхтыл,
æркалдысты фæзмæ —
Ды сын цы бынат
снысан кодтай, уырдæм.
9 Ды уыдонæн арæнтæ скодтай
æмæ сын нæй ахизæн сæ сæрты,
цæмæй зæхх мауал фæдæлдон кæной.
10 Суадæттæ ауадзыс дæлвæзты
æмæ атындзынц хæхты ’хсæнты.
11 Æфсадынц донæй
æппæт быдираг сырдты,
хъæддаг хæрæг суадзы йæ дойны.
12 Донбылтыл цæрынц
уæларвон мæргътæ,
сыфтæрты ’хсæнæй хъуысы сæ зарын.
13 Ды Дæ бæрзæндæй
донхорыг кæныс хæхтæ,
зæхх дæр Дæ фæрцы у æфсæст.
14 Кæрдæг æрзайын кæныс фосæн,
зайæгхæлттæ — адæмы пайдайæн,
цæмæй зæххæй амал кæной хойраг:
15 адæймаджы зæрдæ
хъæлдзæггæнæг сæн,
стæй сой, йæ цæсгом
цæхæр кæмæй калы;
адæймагæн хъару дæттæг дзул.
16 Донæфсæст сты
Дунедарæджы бæлæстæ,
ливайнаг кедртæ —
Йæхæдæг кæй ныссагъта, уыдон.
17 Мæргътæ сыл ахстæттæ кæнынц,
нæзытыл æрбинат кæнынц къæдзтæ.
18 Хæхты рæгътæ — сычъиты цæрæн,

къæдзæхты скъуыдтæ —
даманы бынат.

19 Ды сфæлдыстай мæй,
цæмæй рæстæг æвдиса,
хурæн бæлвырд у йæ ныгуылæн афон.
20 Айтындзыс талынг — æрлæууы æхсæв,
хъæддаг сырдтæ рацæуынц
сæ бынæттæй.
21 Цуангæнæг домбæйттæ рыхынц —
амæттаг курынц Хуыцауæй.
22 Хур куы скæса, уæд сæхи айсдзысты,
схуысдзысты сæ хуыккомы.
23 Адæймаг йæ куысты сæр æрлæууы
æмæ изæрмилтæм йæ астæу
нæ раст кæны.

24 Куыд бирæ сты, Дунедарæг,
Дæ хъуыддæгтæ,
æппæтдæр сфæлдыстай
Дæ уæлзонды фæрцы!
Дæ фæлдисæндтæй йемыдзаг у зæхх.
25 Уый дын мæнæ стыр
æмæ æгæрон денджыз,
йæ мидæг нымæц дæр нæй
змæлæгойтæн,
стыр æмæ гыццыл цæрæгойтæн.
26 Уым наутæ дыууæрдæм кæнынц,
уым Де сфæлдыст Левиафан
хъазы йæхицæн.
27 Се 'ппæтæн дæр сæ каст Дæумæ у —
цæмæй сын афоныл радтай хæринаг.
28 Ды сын дæттыс, æмæ уыдон хæрынц,
байгом кæныс Дæ арм
æмæ уыдон бафсæдынц.
29 Де 'ргом сæ куы аздахыс,
уæд схъомпал вæййынц.
Сæ комулæфт сын куы айсыс,
уæд æрбамæлынц
æмæ та ногæй сыджыт фестынц.
30 Дæ Уд куы рарвитыс, уæд сæвзæрынц.
Афтæ Ды сног кæныс Зæххы уæлцъар.
31 Кад уæд Дунедарæгæн мыггагмæ!
Райæд Йæ фæлдисæндтæй!
32 Уый æркæсы зæхмæ,
æмæ зæхх нырризы.
Хæхтæм фæцагайы
æмæ сæ фæздæг скæлы.
33 Дунедарæгыл зардзынæн,
цалынмæ цæрон, уæдмæ,
мæ Хуыцауы staудзынæн,
цалынмæ удæгас дæн, уæдмæ.
34 Мæ зарæг Ын уæд æхцон,
æз цин кæндзынæн Дунедарæгыл.
35 Тæригъæдджынтæ
фесæфæнт зæххæй,
мауал фæзынæнт æнаккæгтæ!
Дунедарæгæн арфæ ракæн, мæ уд!
Алелуйа!

**104** Сыстаут Дунедарæджы,
арут Ын Йæ ном,
адæмты 'хсæн Ын хъусын кæнут
Йæ хъуыддæгтæ.
2 Зарут Ын, зарджыты Йæ сыстаут,
хъусын Ын кæнут Йæ диссæгтæ.
3 Раппæлут Ын Йæ уаз номæй,
Дунедарæджы чи агуры,
уыдон цинæй райæнт!
4 Агурут Дунедарæджы,
агурут Ын Йæ хъомыс,
кæддæриддæр тырнут Йæ размæ.
5 Ма рох кæнут Йæ диссæгтæ,
Йе 'вдисæйнæгтæ, Йæ тæрхæттæ.
6 Сымах — Йæ цагъар Авраамы
байзæддæгтæ,
Йаковы фæдонтæ, Йе 'взæрстытæ.
7 Уый махæн у нæ Дунедарæг Хуыцау,
æгас зæххы тæрхонгæнæг.
8 Мыггагмæ дæр нæ рох кæны
Йæ фидыд,
мин фæлтæрæн кæй бафæдзæхста,
9 Авраамæн ныстуанæн кæй ныууагъта,
Исаакæн сомы кæмæй ракодта.
10 Йæ сомы уагæвæрдау радта Йаковæн,
æнусон фидыдау — Израилæн.
11 Уый загъта:
«Ханааны зæхх уын
фыдæй-фыртмæйы исбонæн
ратдзынæн».
12 Сæ нымæц чысыл куы уыд нырма,
æрцæуæггæтæ куы уыдысты уыцы ран,
13 уæд хæтæнхуагæй
иу бæстæйæ иннæмæ,
иу паддзахадæй иннæмæ цыдысты.
14 Фæлæ сæ Уый
никæмæн уагъта æфхæрын,
паддзæхтæн-иу бардзырд радта:
15 «Ма хъыгдарут Мæ байсæрстыты,
мæ пехуымпартæн æвзæрæй
мацы ракæнут».
16 Стонг заман æруагъта зæххыл,
иу æфсир нæ ныууагъта бæстыл.
17 Уæд сын сæ разæй
Йе 'взæрст лæджы арвыста:
цагъары номыл уæй æрцыд Йосеф.
18 Йæ къæхтыл ын хъадамантæ скодтой,

**103:35** Алелуйа — дзуттагау «стаут Хуыцауы»; цины хъæр Хуыцауы кадæн.

йæ хъуыр ын æфсæйнагæй
æрбалвæстой,
19 цалынмæ Хуыцауы ныхас
сæххæст ис, уæдмæ.
Дунедарæг æй бафæлвæрдта
Йæ ныхасæй.
20 Паддзах радта
суæгъд кæныны бардзырд,
адæмты хицау ын радта сæрибар.
21 Сæвæрдта йæ хицауæй йæ хæдзары,
йе 'ппæт исбон бакодта йæ бар,
22 йæ барджынтæн сси сæ хицау,
йæ хистæртæн ын
зонд амоныны райдыдта.
23 Æмæ Мысырмæ 'рбацыдис Израил,
æрбынат кодта Хамы зæххыл Йаков.
24 Æмæ Хуыцау сбирæ кодта
Йæ адæмы,
æмæ йæ скодта
йе знæгтæй тыхджындæр.
25 Æнæуынон сын фестын кодта
Йæ адæмы,
Йæ цагъарты ныхмæ Йын
сарæзтой фыдвæнд.
26 Уый арвыста Йæ цагъар Моисейы,
стæй Йе 'взæрст Аароны.
27 Хамы зæххыл сын равдыстой
Йе 'вдисæйнæгтæ, Йæ диссæгтæ,
28 Уый радта бардзырд
талынг æмæ тарæн,
æмæ йын байхъуыстой Йæ ныхасмæ.
29 Сæ дон сын фестын кодта туг,
сæ кæсæгтæ сын амардта.
30 Галхæфсытæй нал зынди сæ зæхх,
байдзаг сæ ис паддзахæн йæ уат.
31 Уый загъта,
æмæ сасчытæ фæзындысты,
сæ зæхх æгасæй
байдзаг ис дзынгатæй.
32 Ныууарыд сыл къæвдайы бæсты их,
пиллон арт сæ зæххыл ацыди.
33 Ныссаста их сæ сæнæфсиртæ,
легъуи бæлæстæ,
æгас зæххыл дæр
бæлæстæ ныццагъта.
34 Уый загъта,
æмæ фæзындысты мæтыхтæ,
æнæнымæцæй апырх ис
къуыдыргалм;
35 кæрдæджы мур дæр
нал ныууагътой зæххыл,
сæ быдырты дæр нал баззади халсар.
36 Сæ фыццаггуырдты
иууылдæр ныццагъта,
æмæ сын басаста сæ хъару.
37 Сыгъзæрин æмæ 'взистимæ
ракодта Израилы,
сæ мыггæгты 'хсæн
алчидæр — сæрæгас.
38 Ныццин кодта Мысыры зæхх
сæ рацыдыл:
стыр тас бауагътой мысырæгты.
39 Уый мигъæй бамбæрзта Йæ адæмы,
æхсæв сын рухсæн
арты цæджындз дардта.
40 Лæгъстæ Йын кодтой —
рарвыста уæрццытæ,
уæларвон хойрагæй сæ æфсæста,
41 Уый акъæртт кодта айнæг —
ракалд дон,
æнæдон зæххыл
анхъæвзта цæугæдон:
42 нæ Дзы ферох Йæ уаз дзырд,
Йæ зæрдæвæрд
Йæ цагъар Авраамæн.
43 Райгондæй ракодта Йæ адæмы,
Йе 'взæрст адæмы
рацæуын кодта хъæлдзæгæй.
44 Æмæ сын радта адæмты зæххытæ,
æндæр адæмты фæллæйтæ
сæ исбон баисты,
45 цæмæй Йын æххæст кæной
Йæ уагæвæрдтæ,
Йе 'гъдæуттæ Йын хъахъхъæной.
Алелуйа!

**105** Алелуйа!
Сыстаут Дунедарæджы,
уымæн æмæ ныл ауды,
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
2 Кæй бон бауыдзæни
Дунедарæджы хъомыс
дзыхы ныхасæй равдисын?
Чи ракæндзæни Йе 'ппæт кады кой?
3 Тæхудиаг у, Хуыцауы амындтытæ
сæйраг кæмæн сты
æмæ æдзух рæстæй чи цæры, уый!
4 О Дунедарæг,
Дæ адæмæн хæрзаудæн куы кæнай,
уæд-иу мæн дæр æрымыс!
Исты бæллæхæй сæ куы хизай —
мæн дæр-иу ма ферох кæн,
5 цæмæй уынон
де 'взæрстыты фæрныг цард,
Дæ адæмимæ цин кæнон
æмæ Дын кад кæнон семæ —
Дæ исбонимæ.

6 Нæ фыдæлтау мах дæр
фæтæригъæдджын стæм,

фæцалх стæм æнаккаг митæ,
фыдракæндтæ аразыныл.
7 Хуыцау Мысыры нæ фыдæлтæн
цы диссæгтæ равдыста,
уыдон сæ ницæуыл сахуыр кодтой,
цы бирæ хæрзты сын бацыди,
уыдон сæ ферох сты,
æмæ Сырх денджызы былгæрон
сыстадысты Йæ ныхмæ.
8 Фæлæ сæ Хуыцау уæддæр
фервæзын кодта
Йæ номы сæраппонд,
цæмæй Йæ хъомыс равдиса.
9 Сырх денджызæн бардзырд радта,
æмæ уый байсысти,
раст цыма адæм
сур зæххыл цыдысты,
уыйау сæ хуыдымы 'хсæнты ракодта.
10 Се знæгты къухтæй сæ
фервæзын кодта,
фыдгулты къухтæй сæ бахызта.
11 Се знæгтæ фæдæлдон сты,
иу дæр дзы нæ аирвæзт.
12 Уæд Ын адæм бауæндыдысты
Йæ ныхæстыл
æмæ Йын кады зарæг систой.
13 Фæлæ та сæ рæхджы ферох сты
Йæ хъуыддæгтæ,
Йæ уынаффæйы сæххæстмæ Йын
нал банхъæлмæ кастысты.
14 Ӕдзæрæг быдыры
сæ монцты уацары бахаудысты,
æдзæрæг ран Хуыцауы фæлвæрдтой,
15 æмæ сын Уый сæххæст кодта
сæ курдиат,
фæлæ сыл рын бафтыдта.

16 Рæсæнуаты адæм хæлæг кæнын
байдыдтой Моисеймæ
æмæ Дунедарæджы
уаз лæггадгæнæг Ааронмæ.
17 Уæд зæхх фæйнæрдæм фæцыди,
æмæ зæххы скъуыды аирвæзтысты
Датан æмæ Авирам йæ балимæ.
18 Цæлхæмбырдæй куыд уыдысты,
афтæ сыл арт сирвæзти,
æмæ æнаккæгтæ
арты амæттаг баисты.
19 Хоревы хохы бын уыдон
уæныджы згъæрсурæт
джиппы рауагътой
æмæ йæм бакуывтой.
20 Сæ Хуыцауы — сæ Кад — баивтой,
кæрдæг чи хæры,
уыцы галы халдихыл.
21 Ферох кодтой Хуыцауы,
сæ Ирвæзынгæнæджы,
Мысыры сын стыр хъуыддæгтæ
Чи равдыста,
22 Хамы байзæддаджы зæххыл —
диссæгтæ,
Сырх денджызы цур —
тасæфтауæг хабæрттæ.
23 Ӕмæ Хуыцау загъта:
«Фесафдзынæн сæ!»
Фæлæ Йе 'взæрст адæймаг Моисей
къæдзæхы скъуыды 'рлæууыди
Йæ размæ,
цæмæй Йын аздаха Йæ маст,
цæмæй сæ Уый ма бабын кæна.

24 Адæм сæ къух ауыгътой
бæллиццаг зæххыл,
нæ бауæндыдысты
Хуыцауы ныхасыл.
25 Сæ цатырты хъуыр-хъуыр кодтой,
Хуыцаумæ нал хъуыстой.
26 Ӕмæ сæм уæд Уый дæр Йæ къух systa,
цæмæй сæ æдзæрæг быдыры
бабын кæна,
27 цæмæй сæ байзæддагæн сæ хал,
сæ бæндæн фæхауа,
алы адæмтæ, алы бæстæтыл
ныххæлиу уой.

28 Уыдон райдыдтой кувын
Пеоры хохы мæнгхуыцау Баалæн,
мæрдтæн хаст нывæндты фыд
хордтой.
29 Хуыцауы мæсты кодтой сæ митæй,
æмæ сыл рын сыстади.
30 Уæд сын Пинхас
тæрхон кæнын райдыдта,
æмæ сæ рын ныуагъта.
31 Уый тыххæй Пинхас
рæстгæнæгыл нымад æрцыди
фæлтæрæй фæлтæрмæ, æнусмæ.

32 Фæлæ та адæм Меривайы доны цур
Хуыцауы зæрдæхудты бацыдысты,
уыдоны тыххæй Моисей
æфхæрд баййæфта:
33 афтæ сæм смæсты ис,
æмæ тæригъæды бацыди йе 'взагæй.

34 Дунедарæджы дзырдмæ
нæ байхъуыстой Йæ адæм —
кæмæй сын загъта,
уыцы адæмты нæ ныццагътой,
35 фæлæ схæццæ сты семæ,

суанг ма сын се ’гъдæуттыл дæр
сахуыр сты.
36 Сæ гуымирытæн сын
лæггад кæнын райдыдтой,
æмæ афтæмæй цъысымы бахаудтой.
37 Дæлимонтæн нывондæн хастой
сæ лæппутæ æмæ сæ чызджыты;
38 ныккалдтой-иу æнаххос туг —
сæ лæппутæ æмæ сæ чызджыты туг.
Нывондæн сæ хастой
Ханааны мæнгхуыцæуттæн,
æмæ зæхх фæчъизи кодтой тугæй.
39 Се ’наккаг митæй фегад кодтой сæхи,
сæ хъуыддæгтæ иуулдæр —
хъахбай митæ.
40 Æмæ Дунедарæг смæсты ис
Йæ адæммæ,
æлгъ кæнын райдыдта Йæ исбоныл.
41 Æмæ сæ радта
æцæгæлон адæмты къухтæм,
фыдгултæ сын хицæуттæ систы.
42 Се знæгтæ сæ ссæстой,
цагъартæ сæ фестын кодтой.
43 Дунедарæг сæ цал хатты
бахызта фыдбылызæй!
Фæлæ Йæ уыдон мæсты кодтой
сæ хиваст митæй,
сæ тæригъæдты аххосæй
æгады бынатмæ ’рхаудысты.
44 Фæлæ та-иу сын сæ хъизæмармæ
куы ’ркасти,
се ’рдиаг-иу Йæ хъустыл куы ауад,
45 уæд та-иу Йæ зæрдыл æрæфтыди,
кæддæр семæ цы фидыд сарæзта, уый
æмæ, бирæбараг кæй у,
уый фæрцы та-иу сын
фæтæригъæд кодта.
46 Уацары-иу кæмæ бахаудтой,
уыдоны зæрдæ-иу сæм
фæфæлмæн кодта.

47 О Дунедарæг, нæ Хуыцау,
фервæзын нæ кæн!
Æрæмбырд нæ кæн адæмты ’хсæнæй,
цæмæй та Дын кад кæнæм
Дæ уаз номæн,
Дæ кадæй Дын æппæлæм!
48 Кад уæд Дунедарæгæн,
Израилы Хуыцауæн,
мыггагæй-мыггагмæ!
Дзыллæ иууылдæр зæгъæнт:
«Аммен! Алелуйа!»

**106** Кад кæнут Дунедарæгæн,
стаут Æй, уымæн æмæ ныл ауды,
мыггагмæ нæ буц кæны
Йæ хорзæхтæй!
2 Афтæ зæгъæнт,
Дунедарæг кæй ссæрибар кодта,
се ’фхæрджыты къухæй кæй байста,
3 алы бæстæтæй —
скæсæнæй, ныгуылæнæй,
цæгатæй æмæ хуссарæй —
кæй æрæмбырд кодта, уыцы адæм.
4 Уыдонæй иутæ фæдзæгъæл сты
сыгъд быдыры,
æмæ ма искуы исты сахар,
исты хъæу ссардзысты,
уый сæ нал уырныдта.
5 Фыр стонг æмæ фыр дойныйæ
арвмæ асинтæ амадтой,
сæ уд удыл нал хæцыди.
6 Фыр адæргæй Дунедарæгмæ
сдзынæзтой,
æмæ сæ Уый фыд азарæй бахызта:
7 фæндаг сын бацамыдта,
цы сахары æрцæрæн ис, уырдæм.
8 Уæдæ стауæнт Дунедарæджы
Йæ хорзæхы тыххæй,
адæмæн цы диссаджы хъуыддæгтæ
сарæзта,
уыдоны тыххæй!
9 Уымæн æмæ Уый дойныгæнæг удтæн
суагъта сæ дойны,
хæрзтæй бафсæста
æххормæгты зæрдæтæ.
10 Иннæтæ та саудалынджы,
мæрдон тары бадтысты
æмæ се ’фсæн хъадаманты бын
удхарæй мардысты,
11 уымæн æмæ сæхи атигъ кодтой
Хуыцауы ныхæстыл,
Иууылбæрзонды уынаффæтæ
ницæмæ ’рдардтой.
12 Æмæ сын Уый дæр уæззау куыстæй
бадомдта сæ зæрдæтæ;
фæцудыдтой —
фæхæцæг сыл нæ уыди.
13 Фæлæ сæ тыхсты заман
Дунедарæгмæ сдзынæзтой,
æмæ сæ Уый фыдбылызæй
фервæзын кодта.
14 Саудалынгæй, мæрдон тарæй сæ
рухсмæ ракодта,
сæ хъадамантæ сын ныссаста.
15 Уæдæ стауæнт Дунедарæджы
Йæ хорзæхы тыххæй,
адæмæн цы диссаджы
хъуыддæгтæ сарæзта,
уыдоны тыххæй!

16 Уымæн æмæ Дунедарæг
æрхуы дуæрттæ ныппырх кодта,
æфсæн æвдузæнтæ ныссаста.
17 Æнæзæндтæ сæ азымты тыххæй,
сæ алы фыдракæнды аххосæй
хъизæмарæй мардысты.
18 Къæбæр сын ад нал кодта,
мæлæты къахыл ныллæууыдысты.
19 Фæлæ сæ тыхсты
Дунедарæгмæ сдзынæзтой,
æмæ сæ Уый фыдбылызæй
фервæзын кодта.
20 Йæ ныхас рарвыста,
æмæ сдзæбæх сты,
фервæзтысты мæлæтæй.
21 Уæдæ стауæнт Дунедарæджы
Йæ хорзæхы тыххæй,
адæмæн цы диссаджы хъуыддæгтæ
сарæзта,
уыдоны тыххæй!
22 Æрхæссæнт Ын арфæйы нывæндтæ,
цинæй райгæйæ Йын æппæлæнт
Йæ хъуыддæгтæй!
23 Денджызы наутыл балцы чи ацыд,
æгæрон фурды уылæнтыл
йæ куыст чи кодта,
24 уыдон уыдтой
Дунедарæджы хъуыддæгтæ,
Йæ диссæгтæ доны арфы.
25 Йæ ныхасæй-иу уад сыстади,
хæрдмæ-иу фæцыдысты
денджызы уылæнтæ.
26 Наутæ-иу арвы хъæбысмæ
фехстой сæхи,
стæй та-иу фурды
æнæбын арфы фестадысты;
наудзогтæн-иу сæ уд атади
фыр тæссæй.
27 Зилдух кодтой, расгуытау цудыдтой,
фыр тæссæй сæ зонд
дзæгъæлтæ кæнын байдыдта.
28 Фæлæ сæ тыхсты
Дунедарæгмæ сдзынæзтой,
æмæ сæ Уый фыдбылызæй
фервæзын кодта.
29 Уый æрсабыр кодта уад,
æмæ уылæнтæ банцадысты.
30 Адæм фыр цинæй радысты,
уылæнтæ кæй æрсабыр сты, ууыл.
Дунедарæг та адæмы бахæццæ кодта
сæ бæллиццаг наулæууæнмæ.
31 Уæдæ стауæнт Дунедарæджы
Йæ хорзæхы тыххæй,
адæмæн цы диссаджы хъуыддæгтæ
сарæзта,
уыдоны тыххæй!
32 Адæмон æмбырды Йæ стауæнт,
кад ын кæнæнт хистæрты астæу.
33 Уый цæугæдæттæ фестын кæны
æдзæрæг быдыртæ,
суадæттæ — хуыскъ зæхх,
34 йæ цæрджыты æнæраст миты тыххæй
цæхбын фесты бæзнаг мæр.
35 Уый æдзæрæг быдыр
фестын кæны цад,
хуыскъ зæххыл
сабузын кæны суадæттæ.
36 Æмæ уыцы ран Хуыцау
æрцæрын кæны,
уымæй размæ сыдæй чи марди,
уыцы адæмы.
Æмæ дзы уыдон сæхицæн
саразынц сахартæ,
37 байтауынц сæ хуымтæ,
скæнынц сæндæттæ
æмæ хъæздыг тыллæг сисынц.
38 Хуыцау сын арфæ ракæны,
æмæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц,
сæ фосæн дæр бакæнæнтæ нал вæййы.
39 Фæлæ чысыл куы вæййы сæ нымæц,
æфхæрд, фыдбæллæх
æмæ тухиты бын
хъизæмар куы февзарынц,
40 уæд сын Хуыцау
сæгад кæны сæ фæтæгты,
æдзæрæг ранмæ сæ акæны,
æмæ уым фæдзæгъæл вæййынц.
41 Мæгуырты та скадджын кæны,
сæ мæгуыр царды ахæстæй сæ
ракæны,
сæ мыггаг сын сбирæ кæны
фосы дзугау.
42 Рæстгæнджытæ цинæй райынц,
уыдæттæ уынгæйæ,
æнаккæгтæн та сæ бон зæгъын дæр
ницыуал вæййы.
43 Уæлзонд кæмæ ис,
уый лæмбынæг æркæсæд
æмæ Хуыцауы хорзæх бамбарæд.

**107** Зарæг. Давиды псалом.

2 О Хуыцау, мæ зæрдæ фæфидар ис,
зардзæни мæ уд
æмæ Дæ staудзæни зарæджы зæлтæй!
3 Райхъал ут,
дыууадæстæнон æмæ хъисфæндыр!
Æз райхъал кæндзынæн сæуæхсид!
4 Æппæт адæмтæн Дæ staудзынæн,
о Дунедарæг,

зардзынæн Дын алы знæмты ’хсæн!
5 Арвæй уæлдæр у Дæ хорзæх,
æврæгъты онг —
Дæ иузæрдиондзинад!
6 Арвæй бæрзонддæр
уæд Дæ кад, Хуыцау,
тæмæнтæ калæд æгас зæххы сæрмæ!

7 Цæмæй Дæ уарзон адæм
сæрæгасæй баззайой,
уый тыххæй сæ фервæзын кæн
Дæ рахиз къухы хъомысæй!
Ратт мын дзуапп!

8 Хуыцау загъта Йæ рухс Кувæндоны:
«Цинæй райдзынæн Мæ уæлахизыл
æмæ Мæ адæмыл байуардзынæн
Шехемы зæхх,
абардзынæн сын
Суккоты дæлвæз дæр.
9 Мæн у Галаад,
Менассиа дæр — Мæн,
Ефрем у Ме згъæрхуд,
Иудей — Мæ паддзахы лæдзæг,
10 Моав — Мæ хихсæн тас.
Мæ дзабыр аппардзынæн Едомыл,
уæлахизы хъæр ныккæндзынæн
Филистимы сæрмæ!»

11 Чи мæ бакæндзæни
бырухгæд сахармæ?
Едомы ныхмæ мæ хæстон балцы
чи акæндзæн?
12 Ды ныл, Хуыцау,
куы атигъ кодтай Дæхи!
Не ’фсæдты сæргъы
куынæуал цæуыс хæстмæ!
13 Ахъаз нын бакæн, цæмæй не знагыл
фæуæлахиз уæм,
уымæн æмæ адæймагыл
зæрдæдарæн нæй.
14 Хуыцауы фæрцы
фæтых уыдзыстæм не знæгтыл,
фæуæлахиз сыл уыдзæн Уый.

**108** Зарæггæнджыты разамонæгæн. Давиды псалом.

О мæ Хуыцау, æз Дæу стауын!
Ма у æнæдзуапп!
2 Уымæн æмæ æнаккæгтæ æмæ
мæнгæрдтæ
сæ дзыхтæ схæлиу кодтой
мæ ныхмæ,
сæ мæнгард æвзæгтæ суагътой.
3 Æртыхстысты мыл
се ’фхæрæн ныхæстæ,
лæбурынц мæм æнæ ’фсонæй.
4 Мæ уарзты тыххæй сын
æнæуынон сдæн,
æз та кувын.
5 Мæ хорз мын фидынц æвзæрæй,
мæ уарзт — æнæуынондзинадæй.
6 Æнæхуыцауы амæттаг
фæуæд фыдгул,
зылынгæнæг йæ рахизфарс
æрлæууæд,
7 тæрхоны рæстæг азымджын разынæд,
тæригъæдыл нымад æрцæуæд
йæ куывд;
8 йæ царды бонтæ фæцыбыр уæнт,
йæ бынат та йын бацахсæд æндæр;
9 йæ сабитæ сидзæрæй баззайæнт,
йæ ус та — идæдзæй;
10 йæ хъæбултæ суæнт мæгуыргуртæ,
сæ быууаты дæр сын
æрлæууæн ма уæд;
11 йæ исбон йæ хæсты ныхмæ
фиддонæн бахъæуæд,
йæ фæллой хæлæттаг фæуæд;
12 мачи йын баххуыс кæнæд,
йæ сидзæртæн рæвдауæг ма разынæд;
13 йæ хъæстæ æлгъыстаг фæуæд,
дыккаг фæлтæры йæ кой
мауал фæзынæд;
14 йæ фыдæлты тæригъæдтæ йын
Дунедарæг æрымысæд,
йæ мады тæригъæдтæ йын
ма ферох кæнæд.
15 Дунедарæг сын макуы ныббарæд,
сæ кой дæр сын фесафæд зæххыл!
16 Уымæн æмæ хорздзинад
никуы ракодта,
мæгуыр æмæ гæвзыччы фæдыл
зылди,
æфхæрд адæймаджы фесафынмæ
бæллыд.
17 Искæй æлгъитынæй æфсис нæ зыдта,
æмæ йе ’лгъыстытæ
йæхи сæрыл æрцæуæнт;
арфæ кæнын нæ уарзта,
æмæ арфæ макуы фенæд!
18 Æлгъыст йæ дарæс суæд,
донау йæ хуылфы ацæуæд,
сойау йе стджыты ахъарæд,
19 йе ’рвылбоны дарæс фестæд
æмæ, йæ астæуыл цы рон æрбабæтты,
уый йын басгуыхæд.
20 Ахæм арфæ ракæнæд Дунедарæг
мæ фыдгултæн,

мæ ныхмæ фыдвæндтæ
чи кæны, уыдонæн!
21 Мæнæн та, Дунедарæг, баххуыс кæн
Дæ номы сæраппонд;
Дæ хорзæхы фæрцы мæ
фервæзын кæн!
22 Мæгуыр æмæ гæвзыкк дæн æз,
риссы мæ зæрдæ мæ риуы.
23 Тайын изæры æндæргтау,
сурынц мæ мæтыхтау.
24 Ком дарынæй мæ уæрджытæ
мæ быны фæдыдагъ вæййынц,
мæ царм ме стджытыл бандæгъди.
25 Хъазæнхъул фестадтæн адæмæн,
мæн фенгæйæ, сæ сæртæ банкъусынц.
26 Баххуыс мын кæн, Дунедарæг,
ме Скæнæг,
Дæ хорзæх у фарн хæссæг —
фервæзын мæ кæн.
27 Уадз, базоной:
уый мæ Ды фервæзын кодтай,
уый мын Дæ хорзæх уыди, Дунедарæг.
28 Уыдон мæ æлгъитынц —
Ды арфæ ракæн,
уыдон мæм лæбурынц —
Ды сæ худинаджы бын фæкæн,
æмæ ныццин кæндзæни Дæ цагъар.
29 Мæ хахуыргæнджытæн
худинаг суæд сæ дарæс,
æгады гакк — сæ уæлæфтау.
30 Æз та хъæрæй
арфæ кæндзынæн Дунедарæгæн
æмæ Йæ стаудзынæн
дзыллæты æхсæн.
31 Уымæн æмæ Уый
мæгуыр лæджы рахизфарс
æрлæууыд,
цæмæй йæ фервæзын кæна,
азымджын æй чи кæны, уыдонæй.

## 109 Давиды псалом.

Дунедарæг загъта мæ Бардарæгæн:
«Сбад мæ рахизфарс,
æмæ Дын Æз Де знæгты
Дæ къæхты бын æрæвæрдзынæн».

2 Дæ хъаруйы лæдзæг Дæм арвитдзæни
Дунедарæг Сионæй —
æлдариуæг кæн Дæ алыварс знæгтæн.
3 Уыцы бон Дæ адæм
æмвæндæй тохмæ
рацæудзысты Демæ.
Сæуæхсидæй Дæ райгуырын кодтон
сæууон æртæхау.
4 Сомы ракодта Дунедарæг
æмæ Йæ дзырд нæ фæсайдзæн:
«Ды Мелхиседекы хуызæн Алчер дæ
мыггагмæ».
5 Дунедарæг — Дæ рахизфарс.
Йæ азары бон паддзæхты æрцæвдзæн.
6 Адæмтæн рахæсдзæни тæрхон,
мæрдтæй байдзаг кæндзæни бæстæ,
æгас зæххыл
хицæутты сæртæ ныссæтдзæн.
7 Фæндагыл цæугæдонæй нуаздзæн,
æмæ сбæрзонд уыдзæн Йæ кад.

## 110 Алелуйа!

Стауын Дæ, Дунедарæг,
æппæт зæрдæйæ
рæстудты æмбырды
æмæ дзыллæйы ’хсæн.
2 Стыр сты Дунедарæджы хъуыддæгтæ,
уарзон кæмæн сты, уыдонæн —
бæллиццаг.
3 Йæ хъуыддæгтæ — стыр æмæ рæсугъд,
Йæ рæстад у æнусон.
4 Йæ диссæгтæн ферохгæнæн нæй,
фæлмæнзæрдæ æмæ рæдау у
Дунедарæг.
5 Чи Йæ нымайы,
уыдонæн дæтты хойраг,
æнусмæ Дзы нæ рох кæны
Йæ фæдзæхст.
6 Йæ хъуыддæгты Йæ адæмæн
равдыста Йæ хъару —
муртаттæгты бæстæ сын
сæ хай бакодта.
7 Раст тæрхон æмæ æцæгад —
Йæ хъуыддæгты,
Йæ уынаффætæн фехалæн нæй,
8 мыггагмæ фидаргонд сты уыдон,
сæ бындуры — æцæгад æмæ рæстад.
9 Уый фервæзын кодта Йæ адæмы,
æнусон фидыд саразта семæ.
Уаз æмæ тасæфтауæг — Йæ ном!
10 Уæлзонды райдиан —
Дунедарæгæй тас;
Йæ фæдзæхстытæ Йын
чи æххæст кæны,
уыдонæн ис æмбаргæ зонд.
Дунедарæджы стаудзысты æнустæм!

## 111 Алелуйа!

Тæхудиаг у, Дунедарæгæн
аргъуыц чи кæны,
Йæ фæдзæхстытæ æхцон кæмæн сты.
2 Тыхджын уыдзæни уымæн зæххыл
йæ хъæстæ,

рæстудты мыггаг арфæгонд уыдзæни.
3 Мыды къусау — йæ нæргæ хæдзар,
йæ рæстад уыдзæни æнусон.
4 Рæстгæнджытæн сæудары дæр
рухс скæсы,
уымæн æмæ Дунедарæг
хатыргæнаг, рæдау æмæ рæстаг у.
5 Фæрнджын у
фæлмæнзæрдæ адæймаг,
рæдауæй æфстау чи дæтты
æмæ йæ хъуыддæгтæ
рæстæй чи аразы, уый.
6 Мыггагмæ дæр нæ фæцуддзæн,
рæстгæнæг мыггагмæ дæр
рох нæ уыдзæн.
7 Нæ фæтæрсдзæни уый фыд уацæй,
фидарæй йæ зæрдæ дары
Дунедарæгыл.
8 Сабыр у йæ зæрдæ,
нæ фæтæрсдзæни,
йе знæгтæм кæсгæйæ.
9 Цы йæм уыд, уый рæдауæй
байуæрста мæгуыртæн;
йæ рæстад уыдзæни æнусон,
йæ кад уыдзæни бæрзонд.
10 Æнæхуыцау æм хæлæгæй мæлдзæн,
йæ дæндæгты къæс-къæс цæудзæн
æмæ баруайдзæн.
Æнаккæгты фæндиæгтæ
нæ сæххæст уыдзысты!

**112** Алелуйа!
Æппæлут Дунедарæгæй,
Йæ цагъартæ,
Дунедарæджы номæй æппæлут.
2 Арфæгонд уæд Дунедарæджы ном
ныр дæр æмæ мыггагмæ дæр!
3 Дунедарæджы ном кадджын уæд
скæсæнæй ныгуылæнмæ!
4 Бæрзонд у Дунедарæг
æппæт адæмты сæрмæ,
арвæй уæлдæр — Йæ кад.
5 Дунедарæгæн, нæ Хуыцауæн,
æмбал кæм ис?
Йæ паддзахы бадæн бæрзонд у,
6 фæлæ æркæсы, арв æмæ зæххыл
цытæ цæуы, уымæ.
7 Уый зæххы рыгæй сисы мæгуыры,
фæныкæй сисы гæвзыччы,
8 цæмæй йæ æрбадын кæна
æлдæрттимæ,
йæ адæмы уæздæттимæ;
9 æнæзæнæг сылгоймагæн
хъæбулы амонд ратты.
Алелуйа!

**113** Израил Мысырæй куы рацыдысты,
Йаковы байзæддæгтæ —
æцæгæлæтты ’хсæнæй,
2 уæд Иудæ Дунедарæджы
уаз цæрæн сси,
Израил баци Йæ исбон.
3 Денджыз сæ уындæй фæлыгъди,
Иорданы цæугæдон
фæстæрдæм фæцыди.
4 Хæхтæ схъиудтытæ кодтой фырытау,
къуылдымтæ — уæрыччытау.
5 Цы кæныс, денджыз, кæдæм лидзыс?
Цы кæныс, Иордан,
фæстæмæ цæмæн раздæхтæ?
6 Цы схъиут, хæхтæ, фырытау,
къуылдымтæ — уæрыччытау?
7 Нырриз, зæхх, Дунедарæджы,
Йаковы Хуыцауы раз!
8 Уый айнæг фестын кæны цад,
дур — донгуырæн.
9 Мах нæ, Дунедарæг, мах нæ,
фæлæ Дæ ном скадджын кæн,
Дæ хорзæхы, Дæ æцæгады сæраппонд!
10 Цæмæн хъуамæ дзурой муртаттæгтæ:
«Кæм ис уæдæ сæ Хуыцау?»
11 Нæ Хуыцау уæлæрвты ис,
Уый цы бафæнда,
æмæ цы нæ бакæндзæн!
12 Уыдонæн та сæ гуымирытæ —
æвзист æмæ сыгъзæринæй,
адæймаджы къухтæй конд:
13 дзых ис, фæлæ нæ дзурынц,
цæстытæ ис, фæлæ нæ уынынц;
14 хъустæ ис, фæлæ нæ хъусынц,
æмбудæнтæ ис, фæлæ не ’мбудынц;
15 къухтæ ис, фæлæ не ’нкъарынц,
къæхтæ ис, фæлæ нæ цæуынц;
сæ хъæлæсæй иунæг мыр дæр
нæ сыхъуысы.
16 Чи сæ аразы
æмæ сæ ныфс кæмæн сты,
уыдон дæр уыдоны хуызæн суæнт!
17 Израил, уæ зæрдæ дарут
Дунедарæгыл! —
Уый у махæн не ’ххуысгæнæг, нæ уарт.
18 Аароны байзæддæгтæ,
уæ зæрдæ дарут Дунедарæгыл! —
Уый у махæн не ’ххуысгæнæг, нæ уарт.
19 Дунедарæджы тас кæй ис, уыдон!
Уæ зæрдæ дарут Дунедарæгыл! —
Уый у махæн не ’ххуысгæнæг, нæ уарт.
20 Дунедарæг нæ рох кæны мах
æмæ нын арфæ кæны:
арфæ кæны Израилы байзæддагæн,
арфæ кæны Аароны фæдонтæн.

21 Арфæ кæны Уый,
Дунедарæджы тас кæй ис,
уыдонæн се ’ппæтæн дæр —
стырæй, чысылæй.
22 Дунедарæг уын сбирæ кæнæд
уæ мыггаг —
уæхицæн дæр æмæ уæ цотæн дæр.
23 Арфæгонд стут сымах Дунедарæгæй,
арв æмæ зæхх Сфæлдисæгæй.
24 Арв Дунедарæджы у,
зæхх та Уый адæмæн саккаг кодта.
25 Дунедарæджы мæрдтæ не стауынц,
ингæнмæ ныххизджытæ Йын
кады зарæг нæ сисынц,
26 фæлæ мах арфæ кæндзыстæм
Дунедарæгæн,
абон дæр æмæ мыггагмæ дæр.
Алелуйа!

## 114

Æз цин кæнын, Дунедарæг мын мæ дзыназын,
мæ куывд кæй фехъуыста, ууыл.
2 Йæ хъус мæм æрдардта,
æмæ Йын Æз ардзынæн Йæ ном,
цалынмæ удæгас уон, уæдмæ.
3 Мæлыны къахыл ныллæууыдтæн,
мæрдтыбæсты хъизæмæрттæ мæ
баййæфтой,
сæргой æмæ додойаг фæдæн.
4 Уæд æз Дунедарæгмæ сдзынæзтон:
«О Дунедарæг, бахиз мын мæ уд!»
5 Дунедарæг фæлмæнзæрдæ
æмæ рæстаг у,
барон у нæ Хуыцау.
6 Æнæхинтыл Йæ арм дары Дунедарæг,
æз бастадтæн,
æмæ мæ Уый фервæзын кодта.
7 О мæ уд, дæхимæ æрцу
æмæ æрсабыр у —
Дунедарæг дæ схайджын кодта
Йæ хорзæхæй!
8 Ды мын мæ уд бахызтай мæлæтæй,
мæ цæстытæ — цæссыгæй,
мæ къæхтæ — фæкæлынæй!
9 Æмæ удæгæсты дунейы
æз Дунедарæджы раз
мæ царды бонтæ æрвитдзынæн.

## 115

Мæ уырнындзинад фидар уыд,
æмæ æз уымæ гæсгæ дзырдтон:
«Бастадтæн бынтондæр».
2 Мæ фыр тыхстæй загътон:
«Иу адæймагыл дæр æууæнк нæй».
3 Дунедарæджы хæрзтæ
цæмæй бафиддзынæн æз?
4 Ирвæзындзинады кæхц райсдзынæн
æмæ Дунедарæджы ном ссардзынæн.
5 Йæ разы цæмæйдæриддæр
басомы кодтон —
иууылдæр сæ сæххæст кæндзынæн
Йе ’ппæт адæмы раз.
6 Дунедарæджы цæсты зынаргъ у
Йæ сыгъдæджыты мæлæт.
7 О Дунедарæг,
æз Дæ цагъар дæн, Дæ цагъар,
Дæ цагъар сылгоймаджы хъæбул;
Ды мæ суæгъд кодтай мæ рæхыстæй.
8 Бузныджы нывонд Дын
æрхæсдзынæн
æмæ Дунедарæджы ном ссардзынæн.
9 Йæ разы цæмæйдæриддæр
басомы кодтон —
иууылдæр сæ сæххæст кæндзынæн
Йе ’ппæт адæмы раз,
10 Дунедарæджы Аргъуаны кæрты,
дæ астæу, Йерусалим! Алелуйа!

## 116

Алелуйа!
Стаут Дунедарæджы, æппæт адæмтæ!
Кад ын кæнут, æппæт знæмтæ!
2 Уымæн Йæ хорзæх у æгæрон,
Дунедарæгæн Йе ’цæгад — мыггагмæ.
Алелуйа!

## 117

Арфæ кæнут Дунедарæгæн,
уымæн æмæ Уый хæрзаудæг у,
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
2 Зæгъæд Израил:
«Йæ хорзæх мыггагмæ у».
3 Зæгъæд Aароны хæдзар:
«Йæ хорзæх мыггагмæ у».
4 Дунедарæгæн кад чи кæны,
уыдон зæгъæнт:
«Йæ хорзæх мыггагмæ у».
5 Мæ тыхсты рæстæг
Дунедарæгмæ сдзынæзтон,
æмæ мæ Уый ракодта тыгъдадмæ.
6 Дунедарæг мæ фарс у,
æмæ æз нæ фæтæрсдзынæн:
цы мын ракæндзæн адæймаг?
7 Дунедарæг мын æххуыс кæны,
æмæ ме знæгтæм
æдæрсгæйæ кæсдзынæн.
8 Адæймагæй ныфс æвæрыны бæсты
Дунедарæгыл зæрдæ дарын —
хуыздæр.
9 Барджынтæй ныфс æвæрыны бæсты
Дунедарæгыл зæрдæ дарын —
хуыздæр.
10 Æрæмбырд мыл сты æппæт адæмтæ,

фæлæ сæ Дунедарæджы номæй
басастон;
11 æртыхстысты мыл,
æрæмбырд мыл сты,
фæлæ сæ Дунедарæджы номæй
басастон.
12 Æртыхстысты мыл мыдыбындзытау,
фæлæ сындзкъутæры артау
бамынæг сты:
Дунедарæджы номæй сæ басастон.
13 Куыд ахауон, афтæ мæ фесхуыстой,
фæлæ мæ Дунедарæг фæцудын
нæ бауагъта.
14 Дунедарæг — мæ тых, мæ зарæг;
мæ ирвæзынгæнæг Уый у.
15 Рæстудты цатыртæй хъуысынц
цин æмæ уæлахизы хъæртæ,
Дунедарæг Йæ рахиз къухы хъомыс
равдыста!
16 Дунедарæджы рахиз къух бæрзонд у,
Дунедарæджы рахиз къух
æвдисы Йæ хъару!
17 Нæ, æз нæ амæлдзынæн,
мæ удæгасæй хъусын кæндзынæн
Дунедарæджы хъуыддæгтæ.
18 Карз мæ бафхæрдта Дунедарæг,
фæлæ мæ мæлæты къухмæ
нæ радта.
19 Рæстады кулдуар мын бакæнут —
æз бацæуон æмæ Дунедарæджы
сыстауон.
20 Мæнæ Дунедарæджы кулдуар,
рæстгæнджытæ йыл бахиздзысты.
21 Стауын Дæ,
уымæн æмæ мæ фехъуыстай,
мæ ирвæзынгæнæг сдæ.
22 Аразджытæ цы дурыл
нæ баввæрсыдысты,
уый сси фисыны сæйраг дур:
23 уый Дунедарæг сарæзта,
æмæ уыцы диссаг
мах нæ цæстæй уынæм.
24 Ацы бон Дунедарæг сфæлдыста:
цин кæнæм, скæнæм бæрæгбон!
25 Дунедарæг, фервæзын нæ кæн!
Дунедарæг, баххуыс кæн!
26 Арфæгонд уæд
Дунедарæджы номæй æрцæуæг!
Арфæ уын кæнæм
Дунедарæджы хæдзарæй!
27 Хуыцау у Дунедарæг,
æмæ нæ Уый срухс кодта Йæ рухсæй.
Сбæттут бæндæнтæй
бæрæгбоны нывонды,
æрбахæссут æй нывондхæссæнмæ.
28 Ды мæ Хуыцау дæ,
æмæ Дын кад кæндзынæн,
Ды мæ Хуыцау дæ,
æмæ Дæ стаудзынæн.
29 Кад кæнут Дунедарæгæн,
уымæн æмæ Уый хæларзæрдæ у,
Йæ хорзæх æнусон у.

**118** Тæхудиаг сты уыдон,
сæ фæндаг æнæкъæм кæмæн у,
Дунедарæджы Æгъдаумæ гæсгæ
чи цæры.
2 Тæхудиаг сты,
Йæ фæдзæхстытæ Йын
чи æххæст кæны,
зæрдиагæй Йæ чи агуры,
3 фыддзинад чи нæ кæны
æмæ Йæ фæндæгтыл чи цæуы.
4 Ды бафæдзæхстай,
Дæ амындтытæ арф æвæрд
куыд уой зæрдæйы.
5 Тæхуды, æз ахæм фæндæгтыл
куы цæуин,
цæмæй Дын æххæст кæнон
Дæ уагæвæрдтæ!
6 Уæд æз къæмдзæстыг нæ уаин,
Де 'ппæт фæдзæхстытæм кæсгæйæ.
7 Сыгъдæгзæрдæйæ Дæ стауин,
Дæ раст уынаффæтыл ахуыр кæнин.
8 Æз æххæст кæндзынæн
дæ уагæвæрдтæ;
бынтон мæ ма ныууадз.

9 Æрыгон лæппу куыд бахъахъхъæна
сыгъдæгæй йæ фæндаг?
Дæ ныхасмæ гæсгæ цæрæд.
10 Агурын дæ æппæт зæрдæйæ,
ма мæ бауадз
Дæ фæдзæхстытæй аздæхын.
11 Æз мæ зæрдæйы рæбын
бавæрдтон Дæ ныхас,
цæмæй Дæ разы
тæригъæд ма ракæнон.
12 Арфæгонд дæ Ды, Дунедарæг!
Бацамон мын Дæ уагæвæрдтæ.
13 Æз хъусын кæнын
Дæуæй рацæугæ æппæт уынаффæтæ.
14 Цыфæнды мулкæй
стырдæр цин мæнæн —
Дæ уынаффæты фæндагыл цæуын.
15 Мæ хъуыдытæ сты
Дæ фæдзæхстытыл,
Дæ амынд фæндæгтæм кæсын.
16 Æхцон мын сты уагæвæрдтæ,
Дæ ныхас нæ рох кæнын.

17 Дунедарæг, Дæ хорзæх мæ уæд,
æмæ цæргæбонты
æххæст кæндзынæн Дæ ныхас.
18 Байгом мын кæн мæ цæстытæ,
æмæ фенон Де 'Гъдауы диссæгтæ.
19 Уазæг дæн æз ацы зæххыл,
ма мæ 'мбæхс Дæ фæдзæхстытæ.
20 Бастади мæ уд,
æдзух Дæ раст тæрхонмæ бæлгæйæ.
21 Ды æрцахуыр кодтай сæрыстырты.
Ды ралгъыстай, Дæ фæдзæхстытыл
йæ къух чи ауыгъта, уыдоны.
22 Хынджылæггаг æмæ мын аллайаг
ма фæкæн мæ сæр,
уымæн æмæ æз
Дæ фæдзæхстытæм гæсгæ цæрын.
23 Уæздæттæ мæ ныхмæ
фыдвæндтæ кæнынц,
æз та, Дæ цагъар,
хъуыды кæнын Де 'Гъдауыл.
24 Дæ уагæвæрдтæ цин хæссынц мæнæн,
уынаффæгæнæг мын сты уыдон.

25 Бартхутæг ис мæ уд,
райгас мæ кæн Дæ ныхасæй.
26 Мæ фæндæгтæ Дын раргом кодтон æз,
æмæ мæ Ды фехъуыстай;
сахуыр мæ кæн Дæ уагæвæрдтыл.
27 Дæ уынаффæты фæндаг мын
бамбарын кæн,
æмæ æз хъуыды кæндзынæн
Дæ диссæгтыл.
28 Мæты бацыд мæ уд,
сфидар мæ кæн Дæ ныхасмæ гæсгæ.
29 Мæнгдзинады фæндагæй мæ бахиз,
Де 'Гъдау мын балæвар кæн.
30 Æцæгады фæндаг
равзæрстон мæхицæн,
мæ цæстæнгас
Дæ раст тæрхонмæ сарæзтон.
31 Дæ ныстуантыл лæууы мæ уд,
ма мæ фегад кæн, Дунедарæг.
32 Дæ амынд фæндагыл
згъордзынæн æз;
мæ зæрдæйæн фæндагамонæг Ды дæ.

33 Сараз мæ, Дунедарæг, Дæ фæндагыл,
æмæ дзы æз ничердæм фæзилдзынæн.
34 Æмбарынад мын ратт,
æмæ æз æххæст кæндзынæн
Де 'Гъдау,
мæ зæрдæйы рæбын æй дардзынæн.
35 Дæ фæдзæхстыты фæндагыл мæ ахон,
уымæн æмæ уый бæллиццаг у мæнæн.
36 Мæ зæрдæ мын пайдамондагæй бахиз
æмæ йæ Дæ фæдзæхстытæм аздах.
37 Мæнг цы у, уыдæттæй мын
мæ цæстæнгас аздах
æмæ мын цард балæвар кæн
Дæ фæндагыл.
38 Дæ цагъарæн цы дзырд радтай,
уый сæххæст кæн,
цæмæй иннæтæ дæр
аргъуыц кæной Дæ разы.
39 Дæ уынаффæты фарн ис,
æмæ мæ бахиз,
цы худинагæй тæрсын, уымæй.
40 Дæ уынаффætæм Дын бæллын,
Дæ рæстадмæ гæсгæ мын
цард балæвар кæн.

41 О Дунедарæг,
Дæ хæрзтæй мæ схайджын кæн,
Дæ ныхасмæ гæсгæ мæ
фервæзын кæн,
42 æмæ æз дзуапп ратдзынæн
мæ фыдгойгæнджытæн,
уымæн æмæ Дæ ныхасыл дарын
мæ зæрдæ.
43 Ма мын фæмæнг кæн мæ ныхас —
Дæ раст тæрхонæй
ныфс æвæрын мæхицæн
44 æмæ Де 'Гъдау
æххæст кæндзынæн кæддæриддæр,
мыггагæй мыггагмæ.
45 Сæрибарæй цæудзынæн æз,
уымæн æмæ Дæ уынаффæтæ
бацагуырдтон.
46 Дзурдзынæн паддзæхтæн
Дæ ныстуантæ
æмæ нæ фегад уыдзынæн.
47 Æхцон мын сты Дæ фæдзæхстытæ,
уымæн æмæ мын уарзон сты.
48 Дæ фæдзæхстытæм иваздзынæн
мæ цæнгтæ,
уымæн æмæ сæ бауарзтон,
хъуыды кæндзынæн
Дæ уагæвæрдтыл.

49 Дæ зæрдыл æрлæууын кæн,
мæнæн, Дæ цагъарæн,
цы ныхас загътай, уый,
цæмæй мын уыцы дзырд
ныфсæвæрæн суа.
50 Мæ сау бон мæ
уыцы ныхас барæвдаудзæн,
Дæ ныхас мæ раздахдзæни цардмæ.
51 Сæхи мыл худæгæй хæссынц хъалтæ,
фæлæ æз Де 'Гъдауыл
никуы атигъ кодтон мæхи.

52 О Дунедарæг, мæ зæрдыл дарын
Дæ рагон æгъдæуттæ
æмæ мын ныфсы хос сты уыдон.
53 Де 'Гъдауыл йæ къух чи ауыгъта,
уыцы æнаккæгтæм кæсгæйæ,
мæ сæры хъуын арц слæууы.
54 Кæйдæр зæххыл мын
фыдыбæсты зарæг
басгуыхтысты Дæ уагæвæрдтæ.
55 Æхсæвыгæтты æрымысын Дæ ном,
Дунедарæг,
æз Де 'Гъдауыл хæцын.
56 Уый мын сси царды фæтк —
Дæ уагæвæрдтæм гæсгæ цæрын.

57 Дæ ныхас Дын æххæст кæнын
æмæ дзурын:
«Дунедарæг — мæ исбон».
58 Æппæт зæрдæйæ Дæ курын,
батæригъæд мын кæн
Дæ ныхасмæ гæсгæ.
59 Мæ фæндæгтыл ныссагъæс кодтон,
мæ къахдзæфтæ
Дæ амындтытæм сарæзтон.
60 Æз тагъд кодтон
Дæ фæдзæхстытæ æвæстиатæй
æххæст кæнынмæ.
61 Æнæхуыцæутты ахæсты фæдæн,
фæлæ Де 'Гъдау
рохуаты нæ ныууагътон.
62 Æмбисæхсæв рабадын,
цæмæй Дын скад кæнон
Дæ раст тæрхæтты тыххæй.
63 Дæуæй чи тæрсы
æмæ Дын Дæ уынаффæтæ
чи æххæст кæны —
хæлар дæн æз æппæт уыдонæн.
64 Дунедарæг, йемыдзаг у зæхх
Дæ уарзтæй,
бацамон мын Дæ уагæвæрдтæ.

65 Мæнæн, Дæ цагъарæн,
Ды саккаг кодтай Дæ хæрзтæ —
Дæ дзырдмæ гæсгæ, Дунедарæг.
66 Хорз зонд мын бацамон
æмæ мæ скæн æмбаргæ,
срухс мын кæн мæ зонд,
мæ зæрдæ мын байгом кæн зондæн,
уымæн æмæ æз
Дæ фæдзæхстытыл æууæндын.
67 Мæ хъизæмæртты агъоммæ
æз адзæгъæл дæн рæдыд фæндагыл,
ныр та æххæст кæнын Дæ дзырд.
68 Хæрзаудæг æмæ хæрзгæнæг дæ Ды,
Дæ уагæвæрдтæ мын бацамон.
69 Хъалтæ мыл тауыстæ кæнынц,
æз та зæрдиагæй
æххæст кæндзынæн Дæ уагæвæрдтæ.
70 Уыдонæн сæ зæрдæтæ
фыр нæрдæй фиу сæвæрдтой,
мæнæн та мæ зæрдæ
Де 'Гъдауыл лæууы.
71 Хуыздæрæн мын уыдысты
мæ хъизæмæрттæ,
цæмæй Дæ уагæвæрдтыл сахуыр уон.
72 Дæ дзыхæй рацæугæ Æгъдау мын
æвзист æмæ сыгъзæрины
мингай къæрттытæй зынаргъдæр у.

73 Дæ къухтæ мæ сфæлдыстой
æмæ рантыстын кодтой;
зонд мын бацамон,
æмæ æз бамбарон Дæ фæдзæхстытæ.
74 Дæ тас кæй ис,
уыдонæн æхсызгон уыдзæн мæ уынд,
уымæн æмæ мæ зæрдæ дарын
Дæ ныхæстыл.
75 Зонын, Дунедарæг,
Дæ тæрхæттæ рæстаг сты —
афтæ мын хъуыд,
æмæ мæ уымæн бафхæрдтай.
76 Дæ хорзæх мæ уæд ныр,
Ды мæнæн, Дæ цагъарæн,
зæрдæ куыд бавæрдтай, афтæ.
77 Дæ хорзæх мæ уæд, æмæ цæрдзынæн,
Де 'Гъдауыл лæууы мæ уд.
78 Æнаххосæй мæ чи æфхæрдта —
сæгад уыдзысты
уыцы æнæвввæрсонтæ,
æз та хъуыды кæндзынæн
Дæ уагæвæрдтыл.
79 Æрбалæудзысты мæ фарсмæ,
Дæ тас кæй ис
æмæ Дæ уынаффæтæ
чи зоны, уыдон.
80 Дæ уагæвæрдтæм гæсгæ
æнаипп уæд мæ зæрдæ,
æмæ уæд нæ фегад уыдзынæн.

81 Утæхсæн кæны мæ уд,
Дæ ирвæзындзинадмæ
æнхъæлмæ кæсгæйæ;
мæ зæрдæ дарын Дæ ныхасыл.
82 Мæ цæстытæ ныуурс сты
Дæ дзуапмæ,
фæзæгъын æз:
«Мæ зæрдæ мын
кæд фæлæууын кæндзынæ?»
83 Фæздæгдзыд лалымæй уæлдай
нал дæн,

фæлæ нæ ферох кодтон
Дæ уагæвæрдтæ.
84 Дæ цагъарæн ма цас баззади
йæ царды бонтæй?
Мæ сурджытæн
кæд стæрхон кæндзынæ?
85 Сæрыстыртæ мын ингæн скъахтой,
Де ’Гъдау сæм нымады дæр нæу.
86 Дæ фæдзæхстытæ
иууылдæр æцæг сты;
æнаххосæй мæ сурынц,
баххуыс мын кæн!
87 Чысыл ма хъæуа,
фесафой мæ зæххы цъарæй,
фæлæ æз Дæ уагæвæрдтæ
нæ ныууагътон.
88 Дæ хорзæх мæ уæд,
æмæ мын цард балæвар кæн,
цæмæй Дæ уагæвæрдтæ
æххæст кæнон мæ царды.

89 Дæ ныхас, о Дунедарæг,
мыггамæ фидаргонд у уæлæрвты.
90 Дæ иузæрдиондзинад —
фæлтæрæй фæлтæрмæ.
Ды сфидар кодтай зæхх, æмæ лæууы.
91 Дæ дзырдæй лæууы алцы нырмæ,
алцы Дæуæн лæггад кæны.
92 Де ’Гъдауыл куынæ лæууид
мæ зæрдæ,
уæд æз мæ фыдбылызты
бабын уыдаин.
93 Мыггагмæ мæ зæрдыл дардзынæн
Дæ уагæвæрдтæ —
цард мын уыдоны фæрцы дæттыс.
94 Дæу дæн æз, фервæзын мæ кæн —
Дæ уагæвæрдтæм у ме скаст.
95 Æнаккæгтæ бабадтысты мæ размæ,
цæмæй мæ фесафой,
æз та арфдæр хъуыды кæнын
Дæ уагæвæрдтыл.
96 Æххæст цыдæриддæр у —
алцæмæн дæр ис кæрон,
æнæкæрон сты æрмæст
Дæ фæдзæхстытæ.

97 Куыд Дын уарзын Де ’Гъдау!
Бон-сауизæрмæ йыл хъуыды кæнын.
98 Æдзухдæр мемæ ис Дæ фæдзæхст —
уый фæрцы мыл зондæй
нæ фæтых сты ме знæгтæ.
99 Æз мæ ахуыргæнджыты
се ’ппæты дæр
амбылдтон зондæй,
уымæн æмæ Дæ дзырд
никуы схицæн мæ хъуыдыйæ.
100 Æз æмбаргæдæр дæн кардзыдтæй,
уымæн æмæ æххæст кæнын
Дæ уагæвæрдтæ.
101 Мæхи хизын алы фыдвæндагæй,
цæмæй коммæгæс уон Дæ ныхасæн.
102 Дæ уынаффæтæй иуварс не здæхын,
уымæн æмæ Ды ахуыр кæныс мæн.
103 Куыд æхцон сты ме ’взагæн
Дæ ныхæстæ,
уыдон мæ комы
адджындæр сты мыдæй!
104 Дæ амындтытæ мæ
скæнынц æмбаргæ,
уымæ гæсгæ мын æнæуынон у
мæнгдзинады алы фæндаг дæр.

105 Дæ ныхас мæ развæдæн — цырагъæу,
рухс мын кæны мæ фæндаг.
106 Æз сомы бакодтон
Дæ рæстаг æгъдæуттæ
мæ зæрдæйы хæссынæй,
æмæ мæ сомы сæххæст кæндзынæн.
107 Уæззау æфхæрд баййæфтон;
цард мын балæвар кæн
Дæ ныхасмæ гæсгæ, Дунедарæг.
108 Мæ комæй мын
мæ бархийы нывонд айс,
сахуыр мæ кæн Дæ уагæвæрдтыл,
Дунедарæг.
109 Æрдуйæ нарæгдæр сси мæ уд,
фæлæ нæ ферох кодтон Де ’Гъдау.
110 Æнаккæгтæ мын ахсæн хыз
сæвæрдтой мæ размæ,
фæлæ æз нæ ахызтæн
Дæ амындтыты сæрты.
111 Дæ фæдзæхстытæ
мæ исбон сты мыггагмæ,
уыдон сты мæ зæрдæйы цин.
112 Æз сфæнд кодтон мыггагмæ
Дæ уагæвæрдтæм гæсгæ цæрын.

113 Дыдзæсгæмттæ æнæуынон сты
мæнæн,
Де ’Гъдау та Дын уарзын.
114 Ды мæнæн — ме ’мбæхсæн мæсыг,
Дæ ныхасыл мæ зæрдæ дарын.
115 Фыдгæнджытæ, ацæут мæ разæй,
мæ Хуыцауы фæдзæхстытæм гæсгæ
цæрдзынæн.
116 Фæфидар мæ кæн Дæ ныхасмæ гæсгæ,
æмæ цæрдзынæн;
мæхицæн ныфс цæмæй æвæрын,
уымæй мæ фыдæнхъæл ма фæкæн.
117 Ме ’нцой фæлæуу, цæмæй фервæзон,

æмæ æдзух ахуыр кæндзынæн
Дæ уагæвæрдтæ.
118 Дæ уагæвæрдты сæрты чи ахызти,
уыдоныл Ды атигъ кодтай Дæхи,
уымæн æмæ сæ хинвæндтæ
мæнгард сты.
119 Ды цъæмæлтау аиуварс кодтай
æгас зæххы фыдлæгты,
мæнæн та уарзон сты Дæ уагæвæрдтæ.
120 Ризы мæ буар фыр тæссæй Дæ разы,
тæрсын Дæ тæрхонæй.

121 Æз цардтæн Æгъдау
æмæ рæстдзинадмæ гæсгæ,
ме знæгты къухтæм мæ ма ратт.
122 Дæ цагъарæн фæрныгадæй
ныфс бавæр,
хъалтæ мæ куыннæ æфхæрой, афтæ.
123 Ныуурс сты мæ цæстытæ
Де 'ххуысмæ,
Дæ раст тæрхоны уынаффæмæ.
124 Дæ хорзæхæй схайджын кæн
Дæ цагъары,
Дæ уагæвæрдтыл мæ сахуыр кæн.
125 Дæ цагъар дæн æз, скæн мæ æмбаргæ
æмæ Дын æз
Дæ амындтытæ базонон.
126 Ралæууыд Дунедарæгæн
Йæ хъомыс равдисыны афон —
Де 'Гъдауыл дын
балæгæрстой къахæй.
127 Мæнæн та Дæ фæдзæхстытæ
æхцондæр сты сыгъзæринæй,
сыгъдæг сыгъзæринæй.
128 Æз Де 'ппæт уынаффæтæ
растыл нымайын —
цавæрфæнды мæнгдзинады
фæндаг дæр
æнæуынон у мæнæн.

129 Дæ уагæвæрдтæ диссаг сты,
уымæн сæ дарын мæ зæрдæйы.
130 Дæ дзырды раргом тауы рухс,
хуымæтæг адæмы скæны æмбаргæ.
131 Адæргæй мын улæфт нал фаг кæны,
афтæ бæллын Дæ фæдзæхстытæм.
132 Æркæс мæм æмæ мын
батæригъæд кæн,
Дæ ном чи уарзы, æппæт уыдонау.
133 Дæ ныхасæй мын сфидар кæн
мæ къахдзæфтæ,
фыддзинады амæттаг мæ ма фæкæн.
134 Адæмы æфхæрдæй мæ бахиз,
æмæ æххæст кæндзынæн
Дæ уагæвæрдтæ.
135 Срухс кæн Дæ цагъары
Дæ цæсгомы рухсæй,
Дæ уагæвæрдтæ мын раргом кæн.
136 Адæм не 'ххæст кæнынц Де 'Гъдау,
æмæ уый тыххæй
мæ цæстытæй кæлынц
цæссыджы суадæттæ.

137 Рæстаг дæ Ды, Дунедарæг,
æмæ раст сты Дæ уынаффæтæ.
138 Дæ фæдзæхстытæ раст сты,
сæ бындуры — æххæст æцæгад.
139 Мастæй мæ зæрдæ йедзаг у,
уымæн æмæ мæ фыдгултæй
ферох сты Дæ ныхæстæ.
140 Сыгъдæг згъæрау у Дæ дзырд
æмæ йæ уарзын æз, Дæ цагъар.
141 Æз ницæйаг æмæ æлгъаг дæн,
фæлæ нæ ферох кодтон
Дæ уагæвæрдтæ.
142 Дæ рæстдзинад —
æнусон рæстдзинад,
Де 'Гъдау — æцæгдзинад.
143 Маст æмæ бæллæхы бын фæдæн,
фæлæ мын Дæ фæдзæхстытæ
цин хæссынц.
144 Дæ уынаффæтæ раст сты мыггагмæ,
æмбарынад мын ратт, æмæ цæрон.

145 Æппæт зæрдæйæ Дæм дзыназын:
фехъус мæ,
о Дунедарæг,
æмæ уыдзынæн коммæгæс
Дæ уагæвæрдтæн.
146 Кувын Дæм: фервæзын мæ кæн,
æмæ Дын æз æххæст кæндзынæн
Дæ уагæвæрдтæ.
147 Боныцъæхтæй раздæр Дæм
æххуысагур дзыназын æз,
Дæ ныхасыл мæ зæрдæ дарын.
148 Хурыскастмæ дæр нал фæлæууын,
æхсæвдарæй хъуыды кæнын
Дæ ныхасыл.
149 Дунедарæг, фехъус мын мæ хъæлæс
Де стыр хорзæхы фæрцы,
æмæ мын цард балæвар кæн
Дæ раст тæрхонмæ гæсгæ.
150 Æрбаввахс сты фыдгæнджытæ;
куыд дард сты уыдон Де 'Гъдауæй!
151 Хæстæг дæ Ды, Дунедарæг,
æцæгдзинад ис
Де 'ппæт фæдзæхстыты.
152 Рагæй мын зындгонд сты
Дæ уагæвæрдтæ,
Ды сæ сфидар кодтай мыггагмæ.

153 Æркæс мын мæ дудгæбонмæ
æмæ мæ фервæзын кæн,
уымæн æмæ Дын æз
Де ’Гъдау нæ ферох кодтон.
154 Мæ хъуыддаг мын равзар,
бахъахъхъæн мæ æмæ мын
царды бонтæ балæвар кæн.
155 Æнæхуыцæуттæй ирвæзындзинад
дард у —
уыдон Дæ уагæвæрдтæ
ницæмæ дарынц.
156 О Дунедарæг, нæй кæрон дæ хæрзтæн;
царды бонтæ мын балæвар кæн
Дæ раст тæрхонмæ гæсгæ.
157 Мæ сурджытæ æмæ мæ фыдгултæ
бирæ сты,
фæлæ иуварс не здæхын
Дæ уагæвæрдтæй.
158 Æлгъаг мын сты, Дæу чи ныууагъта,
Дæ ныхасæн Дын
коммæгæс чи нæу, уыдон.
159 Æркæс, куыд уарзон сты мæнæн
Дæ фæдзæхстытæ, Дунедарæг!
Царды бонтæ мын балæвар кæн
Дæ хорзæхмæ гæсгæ.
160 Дæ ныхасы бындур — æцæгад,
æнусон æмæ раст сты Дæ тæрхæттæ.

161 Æнаххосæй мæ фæдыл зилынц
æлдæрттæ,
фæлæ мæ зæрдæ аргъуыц кæны
Дæ дзырды раз.
162 Æз цин кæнын Дæ ныхасыл
раст цыма
стыр æфтиаг райстон, уыйау.
163 Мæнгдзинад мын æнæуынон,
æлгъаг у,
Де ’Гъдау та Дын уарзын.
164 Бон авд хатты кад кæнын Дæуæн
Дæ раст тæрхæтты тыххæй.
165 Фарн ис,
Де ’Гъдау чи уарзы, уыдонимæ,
æмæ сын фæцудынæй тас нæу.
166 Дæ ирвæзындзинадыл
дарын мæ зæрдæ, Дунедарæг,
æххæст кæнын Дæ фæдзæхстытæ.
167 Мæ уды рæбын хъахъхъæнын
Дæ фæдзæхстытæ,
æмæ сæ уарзын æппæт зæрдæйæ.
168 Æххæст кæнын Дæ уагæвæрдтæ
æмæ Дæ фæдзæхстытæ,
мæ алы фæндаг — Дæ цæстыты раз.

169 О Дунедарæг,
мæ дзыназын мын фехъус
Дæ ныхасмæ гæсгæ мын
æмбарынад ратт.
170 Айс мын мæ куывд,
Дæ ныхасмæ гæсгæ мæ
фервæзын кæн.
171 Мæ комæй стауæн ныхас рацæудзæн,
Де ’гъдæуттæ мын
куы бацамонай, уæд.
172 Ме ’взагæй райхъуысдзæни Дæ дзырд,
уымæн æмæ Дæ фæдзæхстытæ
иууылдæр раст сты.
173 Дæ цонг мын æххуысгæнæг уæд,
Дæ уагæвæрдтæм гæсгæ цæрын.
174 Дунедарæг,
Дæ ирвæзындзинадмæ бæллын,
Де ’Гъдауæй ныфс æвæрын мæхицæн.
175 Цæрæд мæ уд æмæ Дæ стауæд,
æххуысгæнæг мын уæд
Дæ уынаффætæ.
176 Æз фæндаг нал арын дзæгъæл фысау.
Дæ цагъары æрцагур, уымæн æмæ
Дæ фæдзæхстытæ
нæ ферох кодтон æз.

**119** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Мæ тыхсты сахат
Дунедарæгмæ сдзынæзтон,
æмæ мын Уый дзуапп радта.
2 Æз загътон: «О Дунедарæг,
фæлитой дзых,
мæнгард æвзагæй мæ бахиз».
3 Мæнгард æвзаг, хорзæй дæм цы кæсы?
4 Хæстоны цыргъ фæттæ,
æрцыты судзгæ цæхæртæ.
5 Додойаг у мæ сæр: Мешехы зæххыл,
Кедары цатыры астæу,
мæ царды бонтæ æрвитын!
6 Æз рагæй цæрын,
сабыр цард æнæуынон кæмæн у,
уыдоны ’хсæн.
7 Куыддæр сын райдайын
сабырдзинадыл дзурын —
хæстæввонг свæййынц уыдон.

**120** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Мæ цæстæнгас сарæзтон хæхтæм:
кæцæй мæм æрцæудзæн æххуыс?
2 Баххуыс мын кæндзæни Дунедарæг —
арв æмæ зæхх сфæлдисæг.
3 Дæ къах дын Уый
нæ бауадздзæни фæцудын,

дæ хъахъхъæнæг
рæдзæ-мæдзæ нæ кæны.
4 Рæхцгæ æмæ фынæй нæ кæны
Израилы хъахъхъæнæг.

5 Дæуыл ауды Дунедарæг,
Йæ дæлбазыр дæ бакæндзæн,
Уый лæууы дæ рахизфарс.
6 Боныгон дæ хур нæ ныццæвдзæн,
æхсæвыгон дæ мæй
нæ бахъыгдардзæн.
7 Дунедарæг дæ бахиздзæн
алы фыдбылызæй,
бахиздзæн дын дæ уд.
8 Дунедарæг дын хъахъхъæндзæн
дæ ацыд æмæ де 'рбацыд
ныр дæр æмæ мыггагмæ дæр.

**121** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг. Сарæзта йæ Давид.

Дунедарæджы хæдзармæ цомут,
зæгъгæ,
куы фехъуыстон,
уæд ныццин кодтон.
2 Мæнæ бавæрдтам нæ къах
дæ кулдуарæй, Йерусалим!
3 Йерусалим — адæмы иумæ
æмбырдгæнæг сахар,
4 Израилы хæдзарвæндæгтæ
Израилы æгъдаумæ гæсгæ
Дунедарæджы ном стауынмæ
кæдæм ссæуынц.
5 Уым — тæрхоны бадæнтæ,
Давиды хæдзары паддзахы бадæнтæ.
6 Кувут Йерусалимы фарнæн:
«Чи дæ уарзы,
уыдон æвыдæй цæрæнт!
7 Фарн уæд дæ систы æхсæн,
æнæфыдбылыз уæнт дæ галуантæ!»
8 Ме 'фсымæрты,
мæ хиуæтты сæрвæлтау дын зæгъын:
«Фарн дæм уæд!»
9 Дунедарæджы, нæ Хуыцауы, хæдзары
сæраппонд дын зæгъын:
«Хорзæй цæр!»

**122** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Ме скаст Дæумæ у, уæлæрвты Цæрæг!
2 Цагъартæ се 'лдары къухмæ
куыд кæсынц,
унæут — йе 'хсины къухмæ,
афтæ махæн дæр нæ каст
Дунедарæгмæ, нæ Хуыцаумæ, у,
Йæ хорзæхмæ Йын
æнхъæлмæ кæсæм.

3 Батæригъæд нын кæн, Дунедарæг,
батæригъæд нын кæн!
Фаг нын фæуыд не 'фхæрд,
4 нæ уд йæ хъуырмæ у
хъалты хынджылæг,
æнæвввæрсонты фидистæй.

**123** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг. Сарæзта йæ Давид.

Дунедарæг немæ куы нæ уыдаид, —
Израил йæхæдæг зæгъæд, —
2 Дунедарæг немæ куы нæ уыдаид,
адæм нæ ныхмæ куы сыстадысты —
3 удæгасæй нæ аныхъуырдтаиккой
сæ судзгæ масты пиллонæй.
4 Фæдæлдон уыдаиккам,
дæттæ цыдаиккой нæ сæрты,
5 доны знæт уылæнты бын
фæуыдаиккам.
6 Арфæгонд у Дунедарæг,
сæ дæндæгты амæттаг нæ
Чи нæ бакодта!
7 Маргъ ахсæн хызæй куыд аирвæзы,
уыйау мах дæр аирвæзтыстæм.
Ахсæн хыз аскъуыд,
æмæ ссæрибар стæм.
8 Ауды ныл Дунедарæг —
арв æмæ зæхх Сфæлдисæг.

**124** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Дунедарæг йæ ныфс кæмæн у,
уый Сионы хохау
нæ фенкъуысдзæни мыггагмæ.
2 Йерусалимы алыварс
хæхтæ куыд лæууынц,
афтæ Дунедарæг дæр
Йæ адæмыл æртыхсти —
ныр дæр æмæ мыггагмæ дæр.
3 Æнæхуыцæуттæ нæ бацахсдзысты
рæстгæнджыты бæстæ,
цæмæй рæстудтæн дæр
сæ къух ма фæтаса фыдмимæ.
4 О Дунедарæг, ахъаз бакæн
хæларзæрдæтæн æмæ рæстудтæн!
5 Галиу фæндæгтыл чи ныллæууыд,
уыдоны та фыдгæнджытимæ
бафхæр!
Фæрнæйдзаг уæд Израил!

**125** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Дунедарæг Сионæн
йæ уацайрæгты æрбаздæхта,
уæд нæм уый фын фенæгау касти.
2 Нæ цины хъæр хъуысти,
зарыдыстæм,
махмæ кæсгæйæ, адæмтæ дзырдтой:
«Дунедарæг сын стыр диссаг
сарæзта!»
3 О, Дунедарæг нын
сарæзта стыр диссаг,
æмæ нæ цинæн кæрон нал уыди!
4 О Дунедарæг,
нæ адæмы нын уацарæй раздах,
хуссары хуыскъ адæгтæ
донæй куыд бафсадыс, уыйау!
5 Йæ хоры нæмыг цæссыгкалгæйæ
чи байтыдта,
уыдон цины зарджытимæ
исдзысты сæ тыллæг!
6 Йæ тауинаг хуыммæ кæугæйæ
чи хаста,
уый цинæй райгæйæ æрбаздæхдзæн,
йæ хоры куыристæ хæсгæйæ.

**126** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг. Сарæзта йæ Соломон.

Дунедарæг Йæхæдæг
хæдзар аразынмæ
куынæ бавнала,
уæд араззджыты фыдæбон
хæрз дзæгъæлы у.
Дунедарæг Йæхæдæг сахар
куынæ хъахъхъæна,
уæд дзæгъæлы лæууынц
цырддзастæй йæ хъахъхъæнджытæ.
2 Сæударæй дзæгъæлы сыстут,
æнафонмæ дзæгъæлы фæбадут —
фыдæбонгæнгæ бакусут къæбæрваг.
Дунедарæг кæй уарзы,
уыдон та фынæй кæнынц
æнæмæтæй.

3 Дунедарæджы лæвар — цот,
хæрзиуæгау сæ ратты.
4 Бæгъатыры къухы фаттæ куыд сты,
афтæ сты фырттæ дæр се 'рыгонæй.
5 Тæхудиаг у уыцы адæймаг,
уыдонæй чи байдзаг кодта йæ фатдон!
Сахары кулдуары цур
нæ фегад уыдзæн,
йе знагимæ ныхас кæнгæйæ.

**127** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Тæхудиаг сты,
Дунедарæгæй чи тæрсы,
Йæ фæндæгтыл Ын
чи цæуы, уыдон!
2 Дæ къухвæллойæ цы бакусай,
уымæй цæрдзынæ.
Тæхудиаг дæ,
æмæ фæрнæйдзаг уыдзынæ!
3 Дæ бинойнаг дæ хæдзары мидæг
зад сæнæфсир бæласау — зæнæгджын,
дæ фынджы алыварс дæ фырттæ —
оливæ бæласы æвзартау.
4 Дунедарæгæй чи тæрсы,
ууыл ахæм арфæ æрцæудзæн!
5 Сионы хохы сæрæй дыл Дунедарæг
Йæ арфæ æруадздзæн!
Цæрæнбонты цин кæндзынæ
Йерусалимы амондыл!
6 Дæ цоты цоты дæр ма
æрæййафдзынæ!
Израилы адæм фæрнджын уæнт!

**128** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Ме 'взонджы бонтæй мæ
бирæтæ ссæстой, —
зæгъæд Израил, —
2 ме ме 'взонджы бонтæй мæ
бирæтæ ссæстой,
фæлæ мыл нæ фæтых сты.
3 Ме рагъыл мын
хуым кодтой хуымгæнджытæ,
ауагътой-иу ыл даргъ ауæдзтæ.
4 Фæлæ Дунедарæг рæстаг у:
æнæхуыцæутты хъадамантæ
ныссаста.
5 Сионы хох æнæуынон кæмæн у,
уыдон фидиссаг фæуæнт
æмæ сæ фæд-фæд
фæстæмæ аздæхæнт!
6 Уæлхæдзæрттыл цы кæрдæг фæзыны,
уый хуызæн суæнт: нæма сырæзы,
афтæмæй бахус вæййы.
7 Тыллæгæфснайæг дзы йæ къух
нæ байдзаг кæндзæн,
куырисбæттæг — йæ арм.
8 Сæ цурты-иу чи рацæйцæуа,
уыдон сын нæ зæгъдзысты:
«Дунедарæг уын раарфæ кæнæд!
Мах дæр уын арфæ кæнæм
Йæ номæй!»

## 129 Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Дунедарæг!
Дзыназын Дæм уынгæг ранæй!
2 Дунедарæг! Фехъус мын мæ хъæлæс,
æрыхъус мын мæ куывдмæ.
3 Дунедарæг! Ды нын нæ тæригъæдтæм
куы кæсай,
уæд чи бафæраздзæн!
4 Фæлæ Ды хатыргæнаг дæ —
уадз æмæ Дын аргъуыц кæной.
5 Дунедарæгыл дарын мæ зæрдæ,
æнхъæлмæ кæсы мæ уд,
Йæ ныхасыл мæ зæрдæ дарын.
6 Хъахъхъæнæг сæуæхсидмæ
афтæ не 'нхъæлмæ кæсы,
æз Дунедарæгмæ
куыд кæсын æнхъæлмæ.
7 Израил йæ зæрдæ дарæд
Дунедарæгыл,
уымæн æмæ Дунедарæг хатыргæнаг у,
Йæ бон у фервæзын кæнын.
8 Уый фервæзын кæндзæн Израилы
йе 'ппæт тæригъæдтæй.

## 130 Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг. Сарæзта йæ Давид.

О Дунедарæг!
Æз сæрбæрзонд нæ уыдтæн,
æнæввæрсонæй никæмæ кастæн,
мæ зонд кæмæ не 'ххæссы,
уыцы стыр хъуыддæгтæ
мæхимæ никуы райстон.
2 Мады риуæй иртæст сабийау мæ удæн
ныфсытæ æвæрдтон,
сабыр æй кодтон,
цыма мæ уд мады риуæй
иртæст саби уыди, уыйау.

3 Дунедарæгыл
йæ зæрдæ дарæд Израил
нырæй фæстæмæ æмæ мыггагмæ!

## 131 Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

О Дунедарæг, æрымыс Давиды,
æрымыс ын йæ бирæ хъизæмæрттæ —
2 куыд басомы кодта Дунедарæгæн,
дзырд куыд радта
Йаковы Хъомысджынæн:
3 «Мæ цатырмæ нæ бацæудзынæн,
мæ хуыссæны не 'рхуысдзынæн,
4 мæ цæстытæ не 'рцъынд кæндзынæн,
мæ уæлтъыфылтæй
хуыссæг фæсурдзынæн,
5 цалынмæ Дунедарæгæн,
Йаковы Хъомысджынæн
цæрæн бынат ссарон, уæдмæ».

6 Йæ кой уымæн
фехъуыстам Ефрафæйы,
Йаары быдырты йæ ссардтам.
7 Фæцæуæм Йæ цæрæны размæ,
Бакувæм Ын Йæ къахæвæрæны цур!
8 О Дунедарæг,
æрцу Де 'нцойады бынатмæ,
Ды æмæ Дæ хъомысы Чырын.
9 Дæ сауджынтæ
сæхи сфæлындæнт рæстадæй!
Дæ иузæрдионтæн
сæ цины хъæр райхъуысæд!
10 Давиды, Дæ цагъары, сæраппонд,
ма атигъ кæн Дæхи Дæ байсæрстыл!
11 Дунедарæг Давидæн
æнувыдæй расомы кодта
æмæ никуы аивдзæни Йæ сомы:
«Дæ паддзахы бадæны дын сбадын
кæндзынæн дæ байзæддаджы.
12 Мæ фидыдыл Мын
иузæрдион куы уой,
Мæ фæдзæхстытæ Мын
куы æххæст кæной,
уæд-иу уыдоны байзæддаг дæр
мыггагæй мыггагмæ
дæ паддзахы бадæны æрбаддзысты».
13 Дунедарæг равзæрста Сионы сахар,
Йæхицæн дзы цæрæнбынат скодта:
14 «Мæнæ Мæ цæрæн ран мыггагмæ!
Æрцæрдзынæн дзы,
уымæн æмæ йæ уарзын!
15 Йæ хойраджы бæркадæн ын
раарфæ кæндзынæн,
йæ мæгуырты йын
бафсаддзынæн дзулæй.
16 Йæ сауджынты йын
ирвæзындзинадæй
сфæлынддзынæн,
уадз æмæ цин кæной
йæ сыгъдæджытæ.
17 Уым Давидæн сбирæ кæндзынæн
йæ хъомыс,
Мæ байсæрст паддзахæн йæ цырагъ
ахуыссын нæ бауадздзынæн.
18 Йæ фыдгулты йын
фæхудинаг кæндзынæн,
уымæн та йæ сæрыл
тæмæнтæ калдзæни кады худ».

**132** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг. Сарæзта йæ Давид.

Куыд æхсызгон æмæ куыд хорз у —
æфсымæртæ иумæ
фидыдæй куы фæцæрынц!
2 Уый у æвзаргæ оливæйы сойау,
Ааронæн йæ сæрæй йæ боцъомæ,
боцъойæ та йæ дарæсы кæрæттæм
чи тæдзы.
3 Уый у Ермоны хохы æртæхау,
Сионы хæхтæм чи æрцæуы,
уымæн æмæ Дунедарæг
уыцы бынатæн балæвар кодта
арфæ æмæ мыггагмæйы цард.

**133** Уæлвонг Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.

Дунедарæгæн арфæ ракæнут,
Йе 'ппæт цагъартæ,
æхсæвыгæтты Дунедарæджы
хæдзары
лæггад чи кæны, уыдон!
2 Кувæндонмæ уæ къухтæ дарут
æмæ арфæ ракæнут Дунедарæгæн!
3 Арфæ дын ракæндзæни Сионæй
Дунедарæг,
арв æмæ зæхх Сфæлдисæг.

**134** Алелуйа!
Æппæлут Дунедарæджы номæй,
æппæлут дзы,
Дунедарæджы цагъартæ,
2 Дунедарæджы хæдзары,
нæ Хуыцауы кæртыты
лæггад чи кæны, уыдон!
3 Æппæлут Дунедарæгæй,
уымæн æмæ Дунедарæг у хæрзгæнæг.
Стаут ын зарæгæй Йæ ном,
уымæн æмæ уый тынг æхцон у.
4 Дунедарæг Йæхицæн
равзæрста Йаковы,
Израилы скодта Йæ исбон.
5 Æз базыдтон: Дунедарæг стыр у,
нæ Хуыцау у
æппæт хуыцæуттæй уæлдæр.
6 Дунедарæджы цы бафæнда,
æмæ цы нæ бакæндзæн —
уæлæрвты, зæххыл, денджызты
æмæ æнæбын хуыдымты!
7 Зæххы кæрæттæй сисы мигътæ,
къæвдайы рæстæг
арвæрттывдтæ сфæлдисы,
Йæ æвæрæнтæй рауадзы дымгæ.
8 Уый æрцавта
Мысыры фыццаг цæуæты,
адæймагæй фосы онг.
9 Уый дæ зæххыл, Мысыр,
равдыста æмбисонды æвдисæйнæгтæ
æмæ диссæгтæ
фараон æмæ йæ адæмæн.
10 Ныццагъта бирæ адæмты,
æрцавта хъомысджын паддзæхты,
11 аморæгты паддзах Сигоны
æмæ Башаны паддзах Огы,
стæй Ханааны паддзахæдтæ
иууылдæр.
12 Сæ зæххытæ та сын исбонæн радта
Йæ адæмæн, Израилæн.
13 О Дунедарæг! Æнусон у Дæ ном,
кад Дын кæндзысты
фæлтæрæй фæлтæрмæ!
14 Дунедарæг Йæ адæмæн
хæсдзæни рæстаг тæрхон,
Йæ лæггадгæнджытæн
батæригъæд кæндзæн.
15 Муртаттæгты гуымирытæ
лæджы къухæй конд сты —
æвзист кæнæ сыгъзæринæй:
16 ис сын дзыхтæ, фæлæ ницы дзурынц;
ис сын цæстытæ,
фæлæ ницы уынынц;
17 ис сын хъустæ, фæлæ ницы хъусынц,
сæ дзыхы та комытæф дæр нæй.
18 Уыдоны хуызæн суыдзысты
се скæнджытæ,
стæй сыл йæ зæрдæ
чидæриддæр дары, уыдон дæр.
19 Израилы адæм!
Арфæ ракæнут Дунедарæгæн!
Аароны байзæддæгтæ!
Арфæ ракæнут Дунедарæгæн!
20 Левитты байзæддæгтæ!
Арфæ ракæнут Дунедарæгæн!
Дунедарæгæй чи тæрсы, уыдон!
Арфæ ракæнут Дунедарæгæн!
21 Арфæгонд у Сионы Дунедарæг,
Йерусалимы цæрæг Хуыцау!
Алелуйа!

**135** Стаут Дунедарæджы,
уымæн æмæ ныл Уый ауды,
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
2 Стаут хуыцæутты Хуыцауы —
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
3 Стаут барджынты Барджыны —
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
4 Æвæджиауы диссæгтæ
æрмæстдæр Уый аразы —

Йæ хорзæх мыггагмæ у.
5 Уый Йæ уæлзонды фæрцы
сфæлдыста уæлæрвтæ —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
6 дæтты сæрмæ айтыгъта зæхх —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
7 стыр рухсгæнæнтæ сфæлдыста —
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
8 Уый сфæлдыста хур —
бонæн уаг æвæрынæн —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
9 мæй æмæ стъалытæ —
æхсæвæн уаг æвæрынæн —
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
10 Уый Мысыры зæххыл
бабын кодта фыццаггуырдты —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
11 ракодта уырдыгæй Израилы адæмы —
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
12 Уый Йæ къухæй,
Йæ хъомысджын къухæй
стыр хъуыддæгтæ сарæзта —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
13 Сырх денджызы дон
фæцæуын кодта фæйнæрдæм —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
14 æмдзæхгæр сис-уылæнты ’хсæнты
Израилы адæмы ракодта —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
15 фараоны æд æфсад
Сырх денджызы фæдæлдон кодта —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
16 Йæ адæмы ахизын кодта
æдзæрæг быдырыл —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
17 стыр паддзæхты бабын кодта —
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
18 Уый амардта
хъомысджын паддзæхты —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
19 аморæгты паддзах Сигоны —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
20 Башаны паддзах Огы —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
21 сæ зæххытæ сын радта исбонæн —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
22 Йæ лæггадгæнæгæн, Израилæн, сæ
исбонæн радта —
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
23 Не ’фхæрды заман нæ
Дунедарæг æрымысыд —
Йæ хорзæх мыггагмæ у;
24 не знæгтæй нæ фервæзын кодта —
Йæ хорзæх мыггамæ у.
25 Уый алы цæрæг удæн хойраг дæтты —
Йæ хорзæх мыггамæ у.
26 Стаут уæларвы Хуыцауы —
Йæ хорзæх мыггамæ у.

**136** Вавилоны цæугæдæтты был-иу
бадтыстæм
æмæ нæ цæссыг калдтам,
Сион мысгæйæ.
2 Уым донхæристыл
нæ хъисфæндыртæ æрцауыгътам.
3 Уацары нæ чи акодта,
уыдон махæй зарджытæ домдтой,
чи нæ ’фхæрдта, уыдон махæй
хъæлдзæгдзинад агуырдтой:
«Сионы зарджытæй нын исты азарут!»
4 Фæлæ Дунедарæджы зарæг
мах куыд ныззарæм кæйдæр зæххыл?

5 О Йерусалим,
æз дæу куы ферох кæнон,
уæд мæ рахиз цонг
мацыуалхъом суæд!
6 Æз дæу куы ферох кæнон, Йерусалим,
ме стырдæр цин ды куынæ уай,
уæд ме ’взаг
мæ комарынгыл баныхæсæд!

7 О Дунедарæг!
Сæ зæрдыл æрлæууын кæн
едомæгтæн,
Йерусалимы сæфты бон
куыд хъæр кодтой,
фехалут æй, фехалут æй,
зæххы æмвæз æй скæнут, зæгъгæ.

8 О Вавилоны чызг, заууатмæ кæнæг!
Тæхудиаг уыдзæн,
ды махæн цы бакодтай,
уый дын дæхицæн чи бакæна!
9 Тæхудиаг уыдзæн,
дæ хъæбулты дын чи сиса
æмæ сæ дуртыл
чи ныппырх кæна, уый!

**137** Давиды псалом.

Стауын Дæ æппæт зæрдæйæ,
зарын Дæ кадæн зæдты раз.
2 Æрзоныг кæнын
Дæ уаз Кувæндоны раз
æмæ стауын Дæ ном
Дæ хорзæх æмæ
Дæ иузæрдионы тыххæй.
Уымæн æмæ Ды
æппæтæй уæлдæр систай

Дæ ном æмæ Дæ ныхас.
3 Цы бон Дæм скуывтон,
уыцы бон мын дзуапп радтай,
ныфс бауагътай мæ зæрдæйы.
4 О Дунедарæг,
скадджын Дæ кæндзысты
æппæт зæххон паддзæхтæ,
Дæ комæй рацæугæ дзырдтæ
куы фехъусой, уæд.
5 Стаудзысты уыдон
Дунедарæджы фæндæгтæ,
уымæн æмæ стыр у
Дунедарæджы кад.
6 Бæрзонд у Дунедарæг,
сæрныллæджы дæр уыны,
сæрыстыры дæр базоны дардмæ.

7 Фыдбылызты фæндагыл куы ацæуон,
уæд мæ Ды бахиздзынæ мæлæтæй,
мæ фыдызнæгты мын
æрсабыр кæндзынæ,
Дæ арм мыл дардзынæ.

8 Дунедарæг мын мæ маст райсдзæни!
Дунедарæг! Дæ хорзæх мыггагмæ у!
Ма мæ ныууадз,
Дæ къухтæ мæ куы сфæлдыстой!

**138** Зарæггæнджыты къорды разамонæгæн. Давиды псалом.

Ды бафæлвæрдтай, Дунедарæг, мæн
æмæ мæ зоныс.
2 Ды зоныс, æз кæд æрбадын,
кæд сыстын,
Ды дардмæ дæр
мæ хъуыдытæ æмбарыс.
3 Цæугæ кæнон, мæ фæллад уадзон —
Ды мæ уыныс,
мæ фæндæгтæ Дын
иууылдæр зындгонд сты.
4 Мæ былалгъыл нæма абады дзырд,
о Дунедарæг, афтæ йæ фæзоныс.
5 Разæрдыгæй дæр мæ хъахъхъæныс
æмæ фæстæрдыгæй дæр,
Дæ арм мыл дарыс.
6 Ды алцы куыд зоныс,
уый мæ æфтауы стыр дисы,
мæ зонд æй нæ ахсы!
7 Кæдæм у мæ бон ацæуын Дæ Удæй,
Дæ цæстæнгасæй
бамбæхсæн кæм ис?
8 Куы ссæуон арвмæ — Ды уым дæ,
мæрдтыбæстæм куы ныххизон —
уым дæр Ды.
9 Сæуæхсиды базыртыл куы атæхон
æмæ денджызы иннæ кæрон
куы æрцæрон,
10 уæд мыл уым дæр Дæ арм дардзынæ,
Дæ рахиз къух мæ хъахъхъæндзæн.
11 Куы зæгъин æз:
«О, бамбæхсæд мæ тар,
мæ алыварс нытталынг уæд бæстæ»,
12 уæд дæр мæ тар
нæ бамбæхсид Дæуæй:
æхсæв рухс у бонау,
рухсæй уæлдай нæу тар.

13 Ды сфæлдыстай,
мæ мидæг цы ис, уыдон,
мæ мады гуыбыны мæ Ды бауæфтай.
14 Стауын Дæ,
уымæн æмæ диссаг у ме сконд!
Диссаг сты Дæ хъуыддæгтæ,
æмæ уый мæ уд хорз æмбары.

15 Сусæгæй мæ куы арæзтæуыд,
гуыбыны арфы нывæст куы цыдтæн,
уæд ме стджытæ
Дæуæй æмбæхст нæ уыдысты.

16 Мæ гуырдз мын уыдтой Дæ цæстытæ;
цы бонтæ мын снысан кодтай,
уыдон фыст æрцыдысты
Дæ чиныджы,
иу дæр дзы куынæма уыдис, уæд.
17 Куыд зын бамбарæн мын сты
Дæ фæндтæ,
стæй куыд бирæ сты, Хуыцау!
18 Нымайын сæ бафæлварин,
фæлæ уыдон змисæй фылдæр сты.
Куы райхъал вæййын,
уæд дæр — Демæ!

19 О Хуыцау,
куы æрцæвис фыдгæнæджы!
Цæугæут мæ разæй, тугдзыхтæ!
20 Уыдон мæнг ныхæстæ дзурынц
Дæу тыххæй,
Де знæгтæ сæ дзыхы радавынц
Дæ ном.

21 Дунедарæг,
æз куыд нæ хъуамæ уынон ме сæфт,
Ды æнæуынон кæмæн дæ, уыдонæй!
Куыд æлгъаг мын сты
Дæ ныхмæ цæуджытæ!
22 Ме сæфт сæ уынын,
мæхицæн сæ знагыл нымайын!
23 О Хуыцау, бафæлвар мæ

ӕмӕ мын базон мӕ зӕрдӕ;
бафӕлвар мӕ
ӕмӕ мын базон мӕ хъуыдытӕ.
24 Ӕркӕс, кӕд, мыййаг,
сӕфты фӕндагыл цӕуын,
ӕмӕ мӕ Дӕхӕдӕг сараз
ӕнусон фӕндагыл.

## 139 Зарӕггӕнджыты къорды разамонӕгӕн. Давиды псалом.

2 О Дунедарӕг,
фыдгӕнӕгӕй мӕ фервӕзын кӕн,
тыхгӕнӕгӕй мӕ бахиз!
3 Уыдон сӕ мидзӕрдӕйы
фыдвӕндтӕ нывӕндынц,
хӕстӕргомӕй ӕрвитынц сӕ цард.
4 Калмау мӕм сӕ цыргъ ӕвзаг сласынц,
сӕ былтыл — калмы марг.
5 О Дунедарӕг,
фыдгӕнджытӕй мӕ бахиз,
тыхгӕнджытӕй мӕ бахъахъхъӕн:
цӕмӕй фӕцудон,
уымӕ бӕллынц уыдон.
6 Хъалтӕ мын мӕ развӕндагыл
сӕвӕрдтой къӕппӕджытӕ,
ахсӕн хызтӕ ӕрытыдтой.

7 Ӕз Дунедарӕгӕн загътон:
«Ды мӕ Хуыцау дӕ,
фехъус мын мӕ куывд, о Дунедарӕг!
8 О Бардарӕг Хуыцау,
мӕ хъомысджын Ирвӕзынгӕнӕг!
Тохы бон мӕ
Дӕ базыры бын бакӕныс!
9 О Дунедарӕг, фыдгӕнӕгӕн
йӕ фӕндон цы не сӕххӕст уа,
йӕ фыдвӕндтӕ
ӕнтыстджын цы нӕ уой,
уыцы ахъаз бакӕн!
Науӕд йӕ сӕр
бӕрзӕндты хӕсдзӕни».

10 Чи мыл ӕртыхсти, уыдон сӕхӕдӕг
сӕ фыддзыхты амӕттаг бауӕнт!
11 Судзгӕ цӕхӕр сыл ӕркӕлӕд,
судзгӕ сӕрсӕфӕнмӕ сӕ нывзилӕнт,
уырдыгӕй куыд макуыуал схизой!
12 Маргӕвзаг адӕймаг
не 'рфидар уыдзӕн зӕххыл,
фыдлӕгӕн йӕ фыдмитӕ
йӕхи сӕрыл ӕрцӕудзысты
ӕмӕ бабын уыдзӕн.
13 Ӕз зонын, Дунедарӕг
раст тӕрхон рахӕсдзӕн,
мӕгуыр адӕмӕн
рахӕцдзӕни сӕ сӕрыл.
14 Рӕстгӕнджытӕ Дын стаудзысты
Дӕ ном,
рӕстӕй чи цӕры, уыдон цӕрдзысты
Дӕ цӕсгомы раз.

## 140 Давиды псалом.

О Дунедарӕг,
фӕдисхъӕр Дӕм кӕнын,
ӕмӕ мӕм ратындз ӕххуысмӕ!
Мӕ хъӕлӕс Дӕм фехъуысӕд,
куы Дӕм дзыназон, уӕд!
2 Мӕ куывд Дӕм схӕццӕ уӕд
буды хӕрздӕфау!
Мӕ къухтӕ Дӕм кӕй ныттыгътон,
уый та Дын фӕуӕд изӕры нывондау!
3 О Дунедарӕг,
ме 'взагӕн мын уромӕг сӕвӕр,
мӕ дзыхы дуар мын бахъахъхъӕн.
4 Уыцы ахъаз мын бакӕн,
цӕмӕй мӕ зӕрдӕ
ӕнаккаг митӕм ма аздӕха,
фыдгӕнджытимӕ ӕмдзӕхдон ма уон
ӕмӕ семӕ иу фынгыл ма бадон!
5 Уадз ӕмӕ мӕ бафхӕра рӕстгӕнӕг —
уымӕй мын хорзы бацӕудзӕн
ӕрмӕст,
раст мын цыма мӕ сӕр
хӕрздӕфгӕнӕн сойӕ
байсӕрста, уыйау.
Ӕз та кувдзынӕн
фыдгӕнджыты тыххӕй,
цӕмӕй фыдмитӕ мауал кӕной.
6 Сӕ тӕрхоны лӕгтӕ
къӕдзӕхтӕй ӕппӕрст ӕрцӕудзысты,
ӕмӕ уӕд базондзысты,
мӕ ныхӕстӕ
раст кӕй уыдысты, уый.
7 Ӕмӕ зӕгъдзысты:
«Раст цыма зӕхх афастӕуыд
ӕмӕ йӕ ныммур чындӕуыд,
уыйау згъӕлынц не стджытӕ
мӕрдтыбӕсты коммӕ».
8 О Дунедарӕг Хуыцау,
ӕрмӕстдӕр Дӕумӕ у мӕ каст,
мӕ зӕрдӕ дарын Дӕуыл:
ма мӕ фесаф!
9 Фыдгӕнджыты къӕппӕджытӕй,
сӕ ахсӕн хызтӕй мӕ бахиз!
10 Уадз ӕмӕ ӕнаккӕгтӕ
сӕ ахсӕн хызты бахауой сӕхӕдӕг,
ӕз та сӕ иувӕрсты
ацӕудзынӕн ӕдасӕй.

**141** Давиды зондамонæн псалом. Йæ куывд, лæгæты куы уыдис, уæд.

Дунедарæгмæ фæдисхъæр кæнын,
Дунедарæгмæ кувын хъæрæй.
2 Мæ хъæстытæ фæкодтон Йæ разы,
мæ хъизæмар Ын раргом кодтон.
3 Мæ уд куы бастади мæ мидæг —
зыдтай мын Ды мæ фæндаг.
Цы фæндагыл цыдтæн,
уым мын мæ размæ
сæвæрдтой къæппæг.
4 Мæ рахизфарсмæ кæсын æмæ уынын:
хъуыдыгæнæг мæ нæй,
нæй мын, кæм балæууон, ахæм ран,
мæ удыл мын ничи тыхсы.
5 Æз сдзынæзтон Дæумæ, Дунедарæг,
æмæ загътон:
«Ды дæ ме ’мбæхсæн,
мæ амонды хай зæххыл!»
6 Тынг æрлæмæгъ дæн,
æмæ мын ме ’рдиагмæ æрыхъус!
Мæ фæдыл зилджытæй мæ бахиз,
уымæн æмæ уыдон
мæнæй тыхджындæр сты.
7 Мæ ахæсты бынатæй мæ ракæн,
æмæ æз стаудзынæн Дæ ном.
Рæстгæнджытæ мæ алыварс
æрлæудзысты,
Дæ хорзæхæй мæ
куы схайджын кæнай, уæд.

**142** Давиды псалом.

О Дунедарæг, фехъус мын мæ куывд,
æрдар Дæ хъус мæ лæгъстæмæ,
æнæ дзуаппæй мæ ма ныууадз:
Ды иузæрдыг æмæ рæстаг дæ!
2 Дæ цагъаримæ ма æрлæуу тæрхоны —
кæй бон у сраст кæнын йæхи
Дæ разы?

3 Мæ фæдыл сагъуыди знаг
æмæ мæ ссæнды,
раджы чи амарди,
уый хуызæн мæ талынгмæ æппары.
4 Мæ уд мæ мидæг бастади,
мæ зæрдæ бандзыг ис.

5 Æрымысыдтæн незамантæ æз,
мæ хъуыдыйы
Дæ алы хъуыддаг дарын,
дис кæнын Дæ къухты скондыл.
6 Мæ цæнгтæ ивазын Дæумæ,
донхъуаг зæххау Дæм тырны мæ уд.
7 О Дунедарæг,
ратт мын тагъддæр дзуапп:
баруади мæ уд мæ мидæг!
Дæ цæсгом ма æмбæхс мæнæй,
цæмæй æз ма уон ингæнмæ цæуæгау.
8 Сæумæйæ мын Дæ хорзæх равдис —
Дæуыл дарын мæ зæрдæ.
Ды сараз раст фæндагыл мæн —
Дæумæ тырны мæ уд.
9 О Дунедарæг,
фервæзын мæ кæн знæгтæй,
æхxуысагур Дæумæ сидын.
10 Дæ фæндон æххæст кæнын мæ
сахуыр кæн —
Ды мæ Хуыцау дæ.
Дæ фарн хæссæг Уд мæ
раст фæндагыл кæнæд!
11 Дæ номы сæраппонд мæ райгас кæн,
о Дунедарæг,
рæстаг дæ Ды,
фыдбылызæй мæ фервæзын кæн.
12 Дæ хорзæхмæ гæсгæ
ме знæгтæн скæн кæрон,
бабын мын кæн мæ фыдгулты,
уымæн æмæ æз Дæ цагъар дæн.

**143** Давиды псалом.

Арфæгонд у Дунедарæг,
мæ къæдзæх —
мæ къухтæ мын цæттæ кæны хæстмæ,
ме ’нгуылдзтæ —
хæцæнгарзыл хæцынмæ.
2 Уый у мæ уарзæгой Хуыцау, мæ фидар,
ме ’мбæхсæн, мæ ирвæзынгæнæг,
мæ уарт,
æз мæ зæрдæ Уыл дарын;
мæ адæмы мын бакодта мæ дæлбар.
3 О Дунедарæг, цы у адæймаг,
æмæ йыл Ды аудай?
Цы у лæджы фырт,
æмæ йыл Ды бамæт кæнай?
4 Адæймаг у дымгæйы æрбадымдау,
йæ царды бонтæ
аууонау æрбайсæфынц.
5 О Дунедарæг, æркъул кæн уæлæрвтæ
æмæ æрхиз дæлæмæ;
бандзæв хæхтыл,
æмæ сæ фæздæг скæла.
6 Мæ фыдгултыл мын ныффалгæрон кæн
арвæрттывдтæй,
лидзæг сæ фæкæн Дæ фаттæй.
7 Бæрзондæй æрдар Дæ къух
æмæ мæ фервæзын кæн хуыдымæй,
байс мæ æцæгæлæтты къухтæй!

8 Уыдонæн сæ дзыхæй рацæуы
мæнг ныхас,
сæ рахиз къух мæнгарддзинадæй —
йедзаг.
9 О Хуыцау,
ног зарæг азардзынæн Дæ кадæн,
æрцæгъддзынæн Дын дæстæнонæй!
10 Ды фервæзын кæныс паддзæхты,
Дæ цагъар Давиды бахизыс
мæлæтхæссæг кардæй.
11 Фервæзын мæ кæн,
æцæгæлæтты къухтæй мæ байс!
Уыдонæн сæ дзыхæй
рацæуы мæнг ныхас,
сæ рахиз къух мæнгарддзинадæй —
йедзаг.
12 Нæ фырттæ уадз æмæ фестой,
æвзонгæй бæрзонд чи фæцыд,
уыцы бæлæстау,
нæ чызджытæ та — галуаны
нывæфтыд цæджындзтау.
13 Нæ хордæттæ семыдзаг бауæнт
алыхуызон хоры бæркадæй,
нæ фыстæ
мингай уæрыччытæ уадзæнт,
дæсгай минтæй хизæнт нæ сæрвæтты.
14 Хæрзхаст уæнт нæ галтæ,
давæг сæм æввахс куыннæ цæуа,
сæфгæ дæр дзы куыннæ кæна;
ма хъуысæд хъарæг нæ уынгты.
15 Тæхудиаг сты уыцы адæм,
ахæм арфæ кæуыл æрцыд!
Тæхудиаг сты уыцы адæм,
Дунедарæг сæ Хуыцау кæмæн у!

**144** Давиды кады зарæг.

Кад Дын кæндзынæн,
мæ Хуыцау æмæ мæ Паддзах,
Дæ ном Дын стаудзынæн мыггагмæ.
2 Æрвылбон Дын кад кæндзынæн,
мыггагмæ Дын æппæлдзынæн
Дæ номæй.
3 Стыр у Дунедарæг æмæ у
æппæлыны аккаг,
зонд не 'ххæссы Йе стырадыл.
4 Иу фæлтæр иннæмæн æппæлдзæни
Дæ хъуыддæгтæй,
Дæ хъомысы кой кæндзæни.
5 Мæ хъуыдытæ уыдзысты Дæ рухс
æмæ Дæ кадыл,
Де стырадыл, Дæ диссæгтыл.
6 Дæ карз хъуыддæгтæн адæм
сæ хъомысы кой кæндзысты,
æмæ æз Де стырадыл дзурдзынæн.
7 Де стыр хорзæхты кой дын
ракæндзысты,
Дæ рæстдзинад Дын стаудзысты.
8 Рæдау æмæ фæлмæнзæрдæ у
Дунедарæг,
бирæбыхсаг у, æнæкæрон у Йæ уарзт.
9 Дунедарæг дзæбæх цæстæй кæсы
алкæмæ дæр,
Йæ хорзæх æруадзы Йе 'ппæт скондтыл.
10 Дæ алы фæлдисонд дæр, Дунедарæг,
кад кæны Дæуæн,
Дæ сыгъдæджытæ Дын арфæ кæнæнт.
11 Уыдон дзурдзысты
Дæ паддзахады кадыл,
Дæ хъомысы кой кæндзысты,
12 цæмæй адæмæн раргом уа Дæ хъомыс,
Дæ паддзахады кад æмæ стырад.
13 Дæ паддзахдзинад у æнусон,
Ды паддзахиуæг кæндзынæ
фæлтæрæй фæлтæрмæ.
14 Чи фæкæлы, уыдонæн
Дунедарæг у фæхæцæг,
чи афæлдæхт, уый фæстæмæ
слæууын кæны йæ къæхтыл.
15 Алкæмæн дæр йæ каст Дæумæ у,
алкæмæн дæр йæ афоныл
хойраг раттыс.
16 Байгом кæныс Дæ арм
æмæ алы цардуды дæр бафсадыс
йæ зæрдæйы фæндиаг.
17 Дунедарæг Йæ алы фæндаджы дæр
рæстаг у,
Йæ алы хъуыддаджы дæр —
хæрзаудæг.
18 Дунедарæг хæстæг у,
чи Йæ агуры, уыдонмæ,
рæстзæрдæйæ Йæм чи кувы,
уыдонмæ се 'ппæтмæ дæр.
19 Чи Дзы тæрсы,
уыдонæн æххæст кæны сæ фæндтæ,
сæ дзыназын сын хъусы
æмæ сæ фервæзын кæны.
20 Дунедарæг, чи Йæ уарзы,
уыдоны се 'ппæты дæр хъахъхъæны,
æнаккæгты та фесафдзæн.
21 Дунедарæгæн кады ныхæстæ
уыдзысты мæ былалгъыл.
Алы цæрæг уд дæр
кад кæнæд мыггагмæ
Дунедарæджы уаз номæн.

**145** Алелуйа!
Æппæл, мæ уд, Дунедарæгæй!
2 Цалынмæ цæрон, уæдмæ
Дунедарæджы стаудзынæн;

цалынмæ удæгас дæн, уæдмæ
мæ Хуыцауы кадæн зардзынæн.
3 Уæ зæрдæ ма дарут
нæдæр хицæуттыл,
нæдæр адæймагыл —
уый уын ирвæзындзинад
не 'рхæсдзæн.
4 Уый йæ уд сисы
æмæ сыджытыл бафты,
уыцы бон йемæ æрбайсæфынц
йе 'ппæт фæндтæ.
5 Тæхудиаг у, Йаковы Хуыцау
кæмæн æххуыс кæны,
Дунедарæгыл, йæ Хуыцауыл,
йæ зæрдæ чи дары.
6 Арв, зæхх, денджыз æмæ
сæ цыдæриддæр ис,
уыдон Уый сфæлдыста.
Уый æнустæм иузæрдион у.
7 Уый рахæцы æфхæрды сæрыл,
æххормагæн дзул ратты,
суæгъд кæны ахæсты.
8 Дунедарæг куырмытæн
ратты цæстырухс,
Дунедарæг æфхæрд адæмы
слæууын кæны сæ къæхтыл,
Дунедарæг уарзы рæстудты.
9 Дунедарæг ауды æрцæуæггагыл,
Йæ арм дары сидзæр æмæ идæдзыл,
æнæхуыцауæн та йæ фæндæгтæ
ныссуйтæ кæны
10 О Сион! Дунедарæг, дæ Хуыцау
паддзахиуæг кæндзæни
мыггагæй мыггагмæ,
фæлтæрæй фæлтæрмæ.
Алелуйа!

# 146

Алелуйа!
Стаут Дунедарæджы —
куыд æхцон у
нæ Хуыцауы кадæн зарын!
Куыд адджын у,
куыд æхсызгон у Уый стауын!
2 Дунедарæг аразы Йерусалим,
æмбырд кæны Израилы тард адæмы.
3 Дунедарæг сдзæбæх кæны
зæрдæсастыты,
сæ хъæдгæмттæ сын бабæтты.
4 Уый банымайы стъалытæ,
алкæй дæр дзы хоны йæ номæй.
5 Стыр у Дунедарæг,
æмæ стыр у Йæ хъомыс,
æгæрон у Йæ зонд.
6 Дунедарæг сбæрзонд кæны
сæрныллæджыты,
æнаккæгты та зæххы онг æруадзы.
7 Дунедарæгæн кады зарæг сисут,
хъисфæндыртимæ азарут
нæ Хуыцауæн.
8 Уый арв æрбамбæрзы мигътæй,
зæххыл къæвда æруадзы,
хæхтыл кæрдæг æрзайын кæны.
9 Уый дæтты хæринаг цæрæгойтæн
æмæ халоны æххормаг цъиутæн.
10 Уый бæхæн йæ хъарумæ нæ кæсы,
адæймаджы цæрдæг къæхтæ
ницæмæ дары.
11 Чи Дзы тæрсы
æмæ Йæ хорзæхмæ
æнхъæлмæ чи кæсы,
уыдоныл ауды.

# 147

Стау, Йерусалим, Дунедарæджы!
Стау, Сион, дæ Хуыцауы!
2 Уымæн æмæ дын Уый
дæ кулдуары æвдузæнтæ
фидар кæны,
дæ фырттæн дын арфæ кæны!
3 Дæ арæнтыл дын фарн тауы,
æвзаргæ мæнæуæй дæ æфсады.
4 Уый зæххæн Йæ уынаффæтæ æрвиты
æмæ Йæ ныхас уайтагъд
æрыхъуысы зæхмæ.
5 Урс тинтычъийау æрытауы мит,
æртхутæгау æрызгъалы халас.
6 Къæртгай æркалы их,
чи бафæраздзæн Йæ хъызтæн?
7 Уый куы фæзæгъы,
уæд Йæ дзырдæй атайы алцы,
дымгæ рауадзы,
æмæ азгъорынц дæттæ.
8 Уый Йæ ныхас загъта Йаковæн,
Йæ фæтк æмæ уагæвæрдтæ —
Израилæн.
9 Æндæр адæмтæн ахæмæй
ницы бакодта,
нæ Йын зонынц уыдон
Йæ уагæвæрдтæ.
Алелуйа!

# 148

Алелуйа!
Стаут Дунедарæджы уæлæрвтæй,
стаут Дунедарæджы бæрзæндты.
2 Стаут Æй, Йе 'ппæт зæдтæ,
стаут Æй, Йе 'ппæт æфсæдтæ.
3 Стаут Æй, хур æмæ мæй,
стаут Æй, цæхæркалгæ стъалытæ.
4 Стаут Æй,
уæлæрвты сæрмæ уæлдунетæ,
арвы сæрмæ цы дæттæ ис, уыдон.

5 Стауæнт се ’ппæт дæр
Дунедарæджы ном,
уымæн æмæ Уый бардзырд радта,
æмæ фæзындысты.
6 Сæвæрдта сæ мыггагмæ,
радта сын æгъдау,
æмæ йæ сæрты нæ ахиздзысты.
7 Дунедарæджы стаут,
зæххон цæрджытæ,
стыр кæсæгтæ æмæ фурды æрфытæ,
8 арт æмæ их, мит æмæ мигъ,
Йæ ныхас æххæстгæнæг уаддымгæ,
9 хæхтæ æмæ æппæт къуылдымтæ,
дыргъбæлæстæ æмæ æппæт кедртæ,
10 сырдтæ æмæ æппæт фос,
хилæгойтæ
æмæ базырджын мæргътæ,
11 дунейы æппæт паддзæхтæ,
æппæт адæмтæ,
æппæт барджынтæ æмæ
дунейы æппæт тæрхонгæнджытæ,
12 æрыгон лæппутæ
æмæ чындздзон чызджытæ,
зæрæдтæ æмæ кæстæртæ.
13 Иууылдæр стауæнт
Дунедарæджы ном —
Дунедарæджы номæй
ницы ис уæлдæр,
зæхх æмæ арвæй бæрзонддæр у
Йæ кад.
14 Уый Йæ адæмæн радта уæлахиз,
скадджын кодта
Йе ’ппæт сыгъдæджыты —
Израилы байзæддаджы,
æввахс Æм чи у, уыцы адæмы.
Алелуйа!

## 149

Алелуйа!
Дунедарæгæн ног зарæг зарут,
кады зарæг сыгъдæджыты æмбырды.
2 Цин кæнæд Израил
йе Скæнæджы раз,
райæнт Сионы фырттæ
сæ Паддзахы раз.
3 Кафтæй Йын стаут Йæ ном,
зарут Ыл далатæ
æмæ хъисфæндырты цагъдимæ.
4 Уымæн æмæ Дунедарæг
ауды Йæ адæмыл,
скадджын кæны сæрныллæгты,
фервæзын сæ кæны.
5 Райæнт иузæрдионтæ кадимæ,
цин кæнæнт сæ сынтæджыты дæр.
6 Хуыцауы стауæн ныхас —
сæ былалгъыл,
сæ къухы — дыкомыг кард,
7 цæмæй адæмты
æмæ алы знæмты бафхæрой;
8 сæ паддзæхты сын
сбæттой рæхыстæй,
сæ уæздæттыл сын
хъадамантæ бакæной,
9 цы тæрхон сын ныффыстæуыди,
уый сыл æрцæуын кæной.
Уыцы кад æрхаудзæн æрмæстдæр
Йæ иузæрдионтæм.
Алелуйа!

## 150

Алелуйа!
Стаут Дунедарæджы
Йæ Кувæндоны,
стаут Æй уæлæрвты.
2 Стаут Æй Йæ хъомысджын
хъуыддæгты тыххæй,
стаут Æй Йе стырады тыххæй.
3 Стаут Æй сыкъауадындзы зæлтæй,
стаут Æй дыууадæстæнонтыл
æмæ хъисфæндыртыл.
4 Стаут Æй далаимæ кафтæй,
стаут Æй хъисфæндыртæ æмæ
уадындзты цагъдæй.
5 Стаут Æй æмдзæгъдгæнæнты
зæлтæй,
стаут Æй æмдзæгъдгæнæнты
зæллангæй.
6 Алы цæрæг уд дæр
Дунедарæджы стауæд!
Алелуйа!

# Соломоны ӕмбисӕндты чиныг

Ӕмбисӕндты чиныг у царды алыхуызон къабӕзтӕй райсгӕ зонджын ныхӕстӕ ӕмӕ зондамонӕнты ӕмбырдгонд, фӕлӕ фыццаджыдӕр уыдон дзурынц Хуыцау ӕмӕ адӕймаджы ахастдзинӕдтыл. Бирӕтӕ дзы баст сты Израилы куырыхон паддзах Соломоны номимӕ. Бирӕ цӕмӕйдӕрты ӕвввахс лӕууынц Хӕстӕг Скӕсӕны иннӕ адӕмты ӕмбисӕндтӕм, фӕлӕ сӕ сӕйраг хицӕндзинад уый мидӕг ис, ӕмӕ амад сты Хуыцауы Ӕгъдау ӕмӕ Хуыцауыл иузӕрдион уӕвыны бындурыл, уыцы миниуӕг хицӕн адӕймаг ӕмӕ ӕгас адӕмы царды сӕйраг мидисыл нымайгӕйӕ.

Чиныг арӕзт у ӕртӕ хайӕ. Фыццаг хайы (1–9 сӕртӕ) — цыма фыд йӕ фырты фӕдзӕхсы, ахӕм зонды ныхӕстӕ уӕлзонд ӕмӕ рӕстӕй цӕрыны фӕдыл. Ацы ран уӕлзонд ӕвдыст цӕуы хӕрзӕгъдау ӕхсин-паддзахы хуызы; уый йӕ куывдмӕ хоны, йемӕ базонгӕ кӕнын кӕйдӕриддӕр фӕнды, уыдоны се 'ппæты дӕр. Ӕдылыдзинад та барст цӕуы, ӕвӕлтӕрд лӕппуйы ӕрцахсынмӕ чи хъавы, ахӕм хъахбай сылгоймагимӕ.

Чиныджы дыккаг хаймӕ (10:1–22:16) — Соломоны ӕмбисӕндты стыр ӕмбырдгондмӕ — хаст ӕрцыдысты зондамындтытӕ царды уаджы алыхуызон темӕтыл. Ам уӕлдай ӕргом здӕхт цӕуы адӕмы 'хсӕн ахастдзинӕдтӕм ӕмӕ хӕдзардзин уӕвыны фӕдыл уынаффӕтӕм, уымӕн ӕмӕ куырыхондзинад абстрактон ахуырад нӕу, уый йӕхи ӕвдисы бинонты ӕрвылбоны царды дӕр.

Чиныджы ӕртыккаг хай (22:17–31:31) арӕзт у канд Соломоны нӕ, фӕлӕ ӕндӕрбӕстаг куырыхон лӕгты ӕмбырдгӕндтӕй дӕр. Чиныджы кӕронбӕттӕны ис акростихы хуызы арӕзт кады одӕ хӕрзӕгъдау усӕн (31:10-31). Уыцы сылгоймаг ӕрвылбон йӕ цардӕй ӕвдисы, чиныг иудадзыг цы уӕлзонды кой кӕны, уый ӕмӕ йӕ сӕрыхицауӕн дӕтты фидыц ӕмӕ ӕнцой.

Кӕд «Соломоны ӕмбисӕндты чиныг» бирӕ ӕнусты размӕ фыст ӕрцыдис, уӕддӕр дзы цы фӕрстытыл дзырдӕуы, уыдонӕн сӕ ахадындзинад абон дӕр нӕма фесӕфти. Ацы чиныджы, рӕстудӕй цӕрын амондджын цардмӕ фӕндаг кӕй у, уый тыххӕй иу ӕмӕ дыууӕ хатты нӕ загъдӕуы. Фӕлӕ, «Иовы чиныг»-ӕй куыд зонӕм, афтӕмӕй алы хатт бынтон афтӕ нӕ рауайы.

---

**1** Соломоны, Израилы паддзах Давиды фырты, ӕмбисӕндтӕ:

2 уӕлзонд ӕмӕ зондамындмӕ
кӕй фӕнды, уыдонӕн;
ныхӕсты мидис бамбарынӕн;
3 зонд, рӕстад, рӕстдзинад ӕмӕ ӕуӕнчы уагӕвӕрдтӕ
ӕххӕст кӕнынӕн;
4 ӕнӕхинты арфуынӕг скӕндзысты,
зонынад сын ратдзысты,
зондӕй сӕ схайджын кӕндзысты.
5 Куырыхонтӕ дӕр, куы байхъусой,
уӕд сӕ зондыл бафтаудзысты,
ӕмбаргӕтӕ дӕр сӕхицӕн уынаффӕтӕ ссардзысты,
6 ӕмбисӕндтӕ, куырыхонты зыниртасӕн ныхӕстӕ,
уыци-уыцитӕ бамбардзысты.
7 Уӕлзонды райдиан — Хуыцауы тас;
зондамындыл ӕлгъ чи кӕны, уый ӕдылы у.
8 Мӕ лӕппу, дӕ фыды зондамындмӕ байхъус,
ма ферох кӕн дӕ мады фӕдзӕхст;
9 уый дӕ сӕрӕн — диссаджы кады худ,
дӕ хъуырӕн — фӕрдгуытӕ.
10 Мӕ лӕппу! Тӕригъӕдджынтӕ дӕ сӕ фӕдыл куы сайой,
уӕд-иу сын ды ма баком.
11 Цыбӕл дӕ кӕндзысты:
«Цом немӕ, ӕмӕ ӕнаххосты бахъахъхъӕнӕм,
сӕ размӕ бабадӕм, сӕ туг сын ныккалӕм;
12 удӕгасӕй сӕ аныхъуырӕм мӕрдтыбӕстау,
ӕд хъуын, ӕд хъис сӕ фӕдӕле кӕнӕм,
ингӕнмӕ чи ныххауы, уыдонау;
13 алыхуызон зынаргъ дзауматӕ байсдзыстӕм,
нӕ хӕдзӕрттӕ ӕфтиагӕй байдзаг кӕндзыстӕм.
14 Немӕ хӕлттӕ сӕппардзынӕ, не 'мхуызон хай айсдзынӕ».
15 Мӕ лӕппу, ма-иу ацу семӕ, дӕхи хиз сӕ фӕндагӕй,

16 уымæн æмæ уыдон фыдбылыз
саразынмæ,
искæй туг ныккалынмæ тагъд кæнынц.
17-18 Мæргътæн сæ цæстыты раз ахсæн хыз
сæвæрынæй
куыд ницы пайда ис, афтæ уыдон
дæр, искæй размæ бабадгæйæ,
сæхи туг ныккалынц, сæхи
фæхъахъхъæнынц.
19 Ахæм сты, искæй мулкмæ чи бæллы,
уыдоны фæндæгтæ: сæхæдæг сæхи
бабын кæнынц.
20 Сахары уынгты Уæлзонды хъæлæс
хъуысы, фæзты хъæр кæны,
21 адæм арæхдæр кæм æмбырд кæнынц,
уым лæгъстæйæ куры,
сахары кулдуары раз райхъуысы йæ
ныхас:
22 «Ницыфенджытæ! Кæдмæ цæрдзыс-
тут ницы зонгæйæ?
Æдзæсгæмттæ! Уæ къæйных митæй
уæ мондæгтæ кæдмæ исдзыстут?
Æдылытæ! Зонынад уын æнæуынон
кæдмæ уыдзæн?
23 Мæ уайдзæфтæм мын уе 'ргом куы
раздахиккат,
уæд уæ æз схайджын кæнин мæ
монæй,
мæ ныхас уын фехъусын кæнин.
24 Куы уæм сидтæн, уæд мыл уæхи атигъ
кодтат,
мæ къух уæм фæивæзтон, фæлæ мæм
хъусæг нæ уыди.
25 Мæ уынаффætæ мын ницæмæ
'рдардтат,
мæ уайдзæфтæ мын ничи айста йæ
зæрдæмæ.
26 Уæдæ уын æз дæр уæ фыдбылызыл
фæхуддзынæн,
æвирхъау тас уыл куы бахæца, уæд
хынджылæг кæндзынæн.
27 Уадтымыгъау уæм бæллæх куы
фæзына,
зилгæ дымгæйау уæм куы 'рбабырса,
маст æмæ хъыджы бын куы фæуат,
28 уæд ма мæм сиддзысты, фæлæ дзуапп
нæ ратдзынæн,
агурдзысты мæ, фæлæ мæ нал
ссардзысты.
29 Зонынад сын æнæуынон кæй сси,
Дунедарæджы раз сæм тас кæй хъуа-
мæ уа,
уый сæм нымады дæр кæй нæ уыд,
30 мæ уынаффæ мын йæ зæрдæмæ кæй
ничи айста,
мæ уайдзæфтыл мын æлгъ кæй кодтой,
31 уый аххосæй сæ хъуыддæгты дыргъ-
тæй бафсæддзысты,
æмæ сæ фæндтæ бафтдзысты сæ
къухы.
32 Æнæзæндтæ сæ хивæнды тыххæй
фесæфдзысты,
æдылыты се 'нæмæтдзинад бабын
кæндзæн.
33 Чи мæм хъусы, уый та цæрдзæн сабыр
æмæ æдасæй,
фыдбылызæй нæ тæрсдзæн».

**2** Мæ лæппу! Мæ ныхæстæ мын дæ зæр-
дæмæ куы айсай,
мæ зондамынд мын дæ уды рæбын
куы бавæрай,
2 дæ хъус куы 'рбадарай уæлзондмæ,
дæ зæрдæ зонды 'рдæм куы саразай,
3 зонынадмæ куы сидай
æмæ лæгъстæйæ зонд куы курай,
4 куы йæм бæллай, æвзистау æй куы
агурай,
5 уæд Дунедарæгæй тæрсын цы нысан
кæны,
уый бамбардзынæ, уæд базондзынæ
Хуыцауы.
6 Адæймаджы уæлзондæй Дунедарæг
схайджын кæны,
зонд æмæ зонынад Уый дзыхæй
рацæуынц.
7 Рæстгæнджытæн Уый æрцæттæ кодта
уæлахиз,
тæригъæдæй йæхи чи хизы, уыдонæн
Уый сæ уарт у.
8 Уый хъахъхъæны раст адæмы
фæндæгтæ,
æнувыд Ыл чи у, уыдоны цæуæнтæ.
9 Уæд бамбардзынæ рæстад, рæстдзи-
над æмæ æууæнчы,
алы хорз фæндаджы мидис.
10 Уæлзонд дæ зæрдæйы æрцæрдзæн,
æмæ зонынад дæ удæн æхсызгон
уыдзæн.
11 Дæ дардмæуынæг зонд дæ
хъахъхъæндзæн,
дæ зонд-иу дæ бахиздзæн.
12 Уæлзонд-иу дæ фервæзын кæндзæн
галиу фæндæгтæй æмæ сайæгойтæй;
13 талынг фæндæгтыл цæуыны
мондагæй,
раст фæндаг чи ныуууагъта,
14 йæ фыдракæндтыл цин чи кæны,
æнæуаг æмæ æвзæр митæй йæ зæрдæ
кæмæн райы,

15 галиу фæндæгтыл чи цæуы
æмæ, йæхи фæндæгтыл чи адзæгъæл,
уыдонæй.
16 Афтæмæй дæхи бахиздзынæ искæй
усæй,
моймæдзыды узæлæг ныхæстæй,
17 йе 'взонджы бонтæй йын цы сæрыхи-
цау уыд,
уый кæмæй ферох ис,
йæ Хуыцауы фæдзæхстыл йæ зæрдæ
чи сивта, уымæй.
18 Йæ хæдзар — мæлæтмæ фæндаг,
йæ цæуæнтæ дæ мæрдтимæ баиу
кæндзысты.
19 Мидæмæ йæм чи бахизы,
уый царды фæндагыл нал ацæуы.
20 Уымæ гæсгæ раст адæмы фæндæгтыл
цу,
рæстгæнджыты цæуæнтыл фидар
хæц.
21 Уымæн æмæ зæххыл цæрдзысты
рæстгæнджытæ,
рæстзæрдæтæ йыл баззайдзысты,
22 æнæхуыцæуттæ та фæхъæудзысты
зæххæй,
фæлитойты сæ бындзарæй
срæдувдзысты.

**3** Мæ лæппу! Мæ зондамынд мын ма
ферох кæн,
мæ фæдзæхстытæ мын дæ зæрдæйы
арф бавæр, —
2 дæ царды бонтæ æмæ дæ азты нымæц
фæфылдæр уыдзысты, фарн дын
æрхæсдзысты.
3 Уырныдзинад æмæ рæстдзинад дæ
макуы ныууадзæнт,
дæ хъуырыл сæ бакæн фæрдгуытау,
дæ зæрдæйы тæгтыл сæ ныффыс, —
4 уæд схайджын уыдзынæ Хуыцау æмæ
адæмы
хорзæх æмæ хæрзаудæнæй.
5 Æппæт зæрдæйæ Дунедарæгыл
æууæнд,
дæхи зондыл дæ зæрдæ ма дар.
6 Цыфæнды фæндагыл куы цæуай,
уæддæр-иу Дунедарæджы фæндон
базонынмæ тырн,
æмæ дын дæ фæндæгтæ слæгъз
кæндзæн.
7 Дæхи цæсты куырыхон ма у,
Дунедарæгæй тæрс, æвзæрдзинадæй
дæхи хиз, —
8 уæд дæ буар уыдзæн æнæниз, де
стæг — фидар.
9 Дæ исбонæй æмæ дæ алы 'фтиаджы
сæрæй
Дунедарæгæн кад кæн кæддæриддæр,
10 æмæ дæ къæбицтæ уæле исгæ, бынæй
ахадгæ уыдзысты,
ног сæн дæ сæндуцæнты сæрты
акæлдзæн.
11 Мæ лæппу, Дунедарæджы æфхæрдмæ
ницыйы цæстæй ма кæс,
Йæ уайдзæфтæ дын хъыг ма уæнт.
12 Уымæн æмæ Дунедарæг, кæй уарзы,
уыдоны 'фхæры,
фыд, зынаргъ ын чи у, йæ уыцы фыр-
ты куыд бафхæры, афтæ.
13 Тæхудиаг у, уæлзондæй чи схайджын,
зондмæ чи сæххæссыд, уыцы
адæймаг,
14 уымæн æмæ уæлзонд æвзистæй пай-
дадæр у,
сыгъзæринæй фылдæр æфтиаг ратты;
15 уæлзонд — налхъуыт-налмастæй
зынаргъдæр,
цæмæ бæллыс, уыдонæй йемæ абарæн
дæр ницы ис.
16 Уæлзондæн йæ рахиз къухы — бирæ
цæрæнбон,
йæ галиуы — хъæздыгдзинад æмæ
цыт.
17 Уæлзонды фæндæгтæ — цины
цæуæнтæ,
иууылдæр — æнæфыдбылыз.
18 Чи дзы схайджын ис, уымæн у царды
бæлас,
чи йæ хъахъхъæны, уыдон тæхудиаг
сты.
19 Дунедарæг уæлзондæй зæххæн æрæ-
вæрдта бындур,
уæлæрвтæ сфидар кодта зондæй.
20 Йæ уæлзондæй байгом вæййынц
æнæбын æрфытæ,
æврæгътæй æрлæдæрсы æртæх.
21 Мæ лæппу, уыдæттæй дæ цæст ма ис,
раст зондахаст æмæ арфуынæг зонд
хъахъхъæн.
22 Уыдоны фæрцы цæрдзынæ,
дæ хъуырыл сæ бакæндзынæ
фæрдгуытау.
23 Уæд æдасæй дæ фæндагыл ацæудзы-
нæ æмæ нæ фæкæлдзынæ,
24 æдæрсгæйæ-иу бафынæй уыдзынæ
æмæ адджын фынæй кæндзынæ.
25 Ма тæрс, æвиппайды цы бæллæх æр-
цæуы, уымæй,
æнæхуыцæуттæ кæй цæттæ кæнынц,
уыцы фыдбылызæй,

26 уымæн æмæ ныфсджын уыдзынæ
Дунедарæгæй,
нæ дæ бауадздзæн къæппæджы
бахауын.
27 Истæмæй хъуаг чи æййафы,
уымæн дæ бон хорз ракæнын куы уа,
уæд ын «нæ» ма зæгъ.
28 Дæ хионæн афтæ ма дзур:
«Ацу, райсом ногæй æрбацæудзынæ,
æмæ дын уæд ратдзынæн», —
цы йын раттай, уый дæм куы уа, уæд.
29 Дæ разы æдæрсгæйæ чи цæры,
уый ныхмæ фыдвæнд ма араз.
30 Адæймаг дын æвзæрæй куы ницы
ракæна,
уæд йемæ æнæ 'фсонæй ма хыл кæн.
31 Фыдгæнæджы цардмæ ма хæлæг кæн,
йæ фæндæгтæй йын иу дæр ма равзар,
32 уымæн æмæ Дунедарæджы цæсты
мæнгард адæймаг æлгъаг у,
цæсгомджын чи у, уыдоныл
æууæнды.
33 Дунедарæджы 'лгъыст æнæхуыцауы
хæдзарыл сæмбæлы,
рæстуды хæдзарыл та æруадзы Йæ
арфæ.
34 Искæуыл чи худы, ууыл Хуыцау
фæхуддзæн,
сæрныллæджытæн та хорзæх дæтты.
35 Куырыхонтæ скадджын уыдзысты,
зондцухтæ та худинаджы бын
фæуыдзысты.

**4** Байхъусут, лæппутæ, уæ фыды
зондамындмæ;
лæмбынæг хъусут, æмæ уæ зондыл
бафтдзæнис.
2 Æз уæ хорз зондыл сахуыр
кæндзынæн,
ма мын ферох кæнут мæ фæдзæхст.
3 Мæнæн дæр уыди фыд æмæ мад,
æз дæр сын уыдтæн уарзон хъæбул,
сæ цæсты рухс.
4 Мæ фыд мын-иу ахæм зонд амыдта:
«Мæ ныхæстæ мын дæ зæрдыл бадар,
мæ фæдзæхстытæ мын æххæст кæн
æмæ цæр.
5 Уæлзонды хæзнатæ агур, зондагурæг
зил,
цы дын загътон, уыдæттæ ма ферох
кæн,
дæхи сыл ма атигъ кæн.
6 Уæлзонд рохуаты куынæ ныууадзай,
уæд дæ хъахъхъæндзæн,
уарзгæ йæ кæн, æмæ дæ бахиздзæн.
7 Куырыхон зонды райдиан — уæлзонд
агурæг зилын,
де 'ппæт исбонæй дæр зонд балхæн.
8 Уæлзондæн аргъ кæн, æмæ дæ бæр-
зонд бынатмæ сисдзæн,
дæ хъæбысы йæ бакæн, æмæ дæ скад-
джын кæндзæн.
9 Рæсугъд кады худ дын æркæндзæн дæ
сæрыл,
диссаджы кады худ дын балæвар
кæндзæн.
10 Мæ лæппу, байхъус мын мæ
ныхæстæм,
дæ зæрдæмæ сæ айс æмæ бирæ
фæцæрдзынæ.
11 Æз дын уæлзонды фæндаг
бацамондзынæн,
раст фæндагыл дæ акæндзынæн.
12 Куы фæцæйцæуай, уæд дæ цыды къу-
ылымпы не 'ййафдзынæ,
куы азгъорай, уæд нæ фæкæлдзынæ.
13 Зондамындыл фидар хæц, ма йæ
ныууадз,
хъахъхъæн æй, уымæн æмæ дæ цард
уый мидæг ис.
14 Æнæхуыцæутты фæндагыл ма
ныллæу,
фыдгæнджыты фæндагыл ма ацу,
15 фæзил дзы, ма йыл цу, аздæх, ацу йæ
рæзты.
16 Уыдон исты фыдбылыз куынæ
саразой,
уæд сыл æхсæв хуыссæг нæ хæцы,
искæмæн знаггад куынæ ракæной,
уæд æхсæвыгон фынæй нæ кæнынц.
17 Фыдракæндтæй сæхи бафсадынц
дзулау,
æмæ тыхмитæ сæнау нуазынц.
18 Рæстудты фæндаг — сæуæхсиды
'нгæс,
цалынмæ бынтон не 'рбабон ис,
уæдмæ ирдæй-ирддæр кæны;
19 æнæхуыцæутты фæндаг — саудалын-
джы 'нгæс,
цæуыл фæкæлдзысты, уый нæ
зонынц.
20 Мæ лæппу! Байхъус мын мæ ныхасмæ,
мæ ныхæстæм мын байхъус
лæмбынæг.
21 Дæ цæст сæ ма ис, дæ зæрдæйы сæ
арф бавæр,
22 уымæн æмæ уыдон, чи сæ схайджын
ис,
уымæн цард дæттынц, æгас
буарæн — æнæниздзинад.

23 Æппæт хæзнатæй фылдæр дæхи зæрдæ хъахъхъæн —
царды гуырæн уый у.
24 Сайæн ныхас ма ссæуæд дæ дзыхæй,
мæнг ныхас де 'взагæй фæсур.
25 Дæ цæстытæй размæ кæс,
дæ цæстæнгас размæ сараз.
26 Дæхицæн раст фæндаг айгæрд,
æмæ дæ фæндæгтæ иууылдæр уыдзысты æдас.
27 Дæ фæндагыл дыууæрдæм ма кæн,
æвзæрдзинадæй дæхи хиз.

5 Мæ лæппу, байхъус мæ куырыхон зондмæ, дæ хъус мæм æрбадар,
2 цæмæй схайджын уай дардуынæг зондæй
æмæ дæ дзыхæй зонынад хъуыса.
3 Искæй усæн йе 'взагæй мыд тæдзы,
йæ ныхæстæ сойæ фæлмæндæр сты,
4 фæлæ дын фæстæдæр скъæлдзойау мастад скæндзæн,
дыкомыг цирхъ дын фестдзæнис.
5 Йæ къæхтæ уырдыгмæ хизынц мæлæтмæ,
йæ къахдзæфтæ — мæрдтыбæстæм арæзт.
6 Уый царды фæндагыл нæ хъуыды кæны,
йæ фæндæгтæ куыд фæлдурæдджджын сты,
уый йæхæдæг дæр нæ зоны.
7 Уæдæ мæм байхъусут, лæппутæ,
мæ ныхæстыл мын уæхи ма атигъ кæнут.
8 Дæхи дзы хъахъхъæн,
æввахс ма цу йæ къæсæрмæ,
9 науæд дæ хъарутæ искæуыл фæуыдзынæ,
дæ царды бонтæ æнауæрдонтыл бахардз кæндзынæ;
10 дæ хъаруйæ æцæгæлæттæ бафсæддзысты,
дæ фæллæйттæ кæйдæр хæдзармæ 'рхаудзысты.
11-12 Дæ царды кæрон дæ буар куы батайа,
уæд хъæрздзынæ æмæ дзурдзынæ:
„Зондамынд мын æнæуынон цæмæн уыди,
уайдзæфтыл æнæвввæрсон цæмæн уыдтæн?
13 Цæуылнæ хъуыстон мæ ахуыргæнджытæм?
Мæ зондамонджытæм мæ хъус цæуылнæ 'рдардтон?
14 Иу къахдзæф ма мæ хъæуы,
æмæ 'ппæт адæмы раз фæхудинаг уыдзынæн".
15 Дæхи донуаты цы дон ис æмæ
дæхи цъайæ цы дон кæлы, уый нуаз.
16 Дæ дæттæ уынгты цæмæн хъуамæ акæлой,
фæзты лæсæнтæ цæмæн хъуамæ кæной?
17 Дæхи уæнт æрмæстдæр, искæимæ сæ ма дих кæн.
18 Дæхи донгуырæн арфæгонд уæд,
де 'рыгон бонтæй дын цы бинойнаг ис, ууыл цин кæн.
19 Уарзон хъуаз, зæрдæйæн адджын сычъи!
Йæ риутæй дæ 'фсадæд æдзухдæр,
йæ уарзтæй йын иудадзыг расыг куыд кæнай, афтæ.
20 Мæ лæппу, цæмæн расыг кæныс дæхи искæй усæй,
йæ астæуæн ын хъæбыстæ цæмæн кæныс?
21 Дунедарæг адæймагæн йæ алы фæндаг дæр уыны,
йæ алкæцы фæндагмæ дæр ын Йæ цæст дары.
22 Æнæхуыцау йæ фыдракæндты къæппæджы бахауы,
йæ тæригъæдтæ — йæ ахсæн хыз.
23 Зондамонæг ын нæ фæцис, æмæ фесæфы,
йе 'дылы зонды аххосæй йæ фæндагыл адзæгъæл вæййы.

6 Мæ лæппу! Кæд искæй тыххæй дæ сæр лыгмæ радтай,
2 уæд дæ рацахста дæхи ныхас,
дæхи ныхæсты уацары бахаудтæ.
3 Мæ лæппу, уæдæ дын ныр кæд чидæр хицау сси,
уæд, цæмæй дзы фервæзай, уый тыххæй афтæ бакæн:
ацу, йæ къæхты бынмæ йын æрхау,
æнæрæнцойæ йын лæгъстæ кæн.
4 Дæхицæй хуыссæг фæсур,
дæ цæстытæ мауал бацъынд кæн,
5 сычъийау дæхи ратон сурджытæй,
маргъау къæппæгæй ратæх.
6 Магуса! Ацу-ма мæлдзыгмæ,
æмæ, куыд архайы, уымæ бакæс,
йæ уæлзондыл ын сахуыр у.
7 Нæдæр ын хицау ис,
нæдæр — цæстдарæг,
нæдæр — паддзах,

8 фæлæ сæрды æвæрæнтæ скæны,
хуымгæрдæн афон йæхицæн хæринаг
æрцæттæ кæны.
9 Зивæггæнаг! Кæдмæ хуысдзынæ,
райхъал æмæ сыстын афон дын нæма
у?
10 Чысыл ма куы афынæй уай
æмæ куы арæдзæ-мæдзæ кæнай,
кæнæ æгуыстæй фылдæр куы абадай,
11 уæд дæм дзæгъæлдзуйау фæзындзæ-
нис мæгуырдзинад,
абырæгау æрбацæуыдзæни гæвз.
12 Ӕнаккаг æмæ фыдгæнæг чи у,
уымæн мæнг ныхас йе ’взагæй нæ
хизы.
13 Куы йæ цæст æрныкъулы,
куы йæ къах зæххыл æртъæпп кæны,
куы та йе ’нгуылдзтæй цыдæртæ
амоны.
14 Йæ зæрдæйы æдзух — мæнгдзинад,
йæ хъуыдыты — фыдвæндтæ,
æдзухдæр тауы хъаугъатæ.
15 Афтæ кæй кæны, уый тыххæй йыл
æвиппайды фыдбылыз æрцæуыдзæн,
æнæнхъæлæджы фесæфдзæн
æмæ йæ ничиуал фервæзын кæндзæн.
16 Дунедарæгæн æхсæз хъуыддаджы сты
æнæуынон,
æвдæммæ та æлгъаджы цæстæй кæсы:
17 хирвæссон цæстæнгас, мæнг æвзаг,
æнаххосты марæг къухтæ,
18 фыдвæндтæ цы зæрдæйы гуырынц,
уый,
фыдбылыз саразынмæ згъорæг
къæхтæ,
19 мæнгдзинадæй чи улæфы, уыцы
мæнгæвдисæн
æмæ дыууæ ’фсымæры кæрæдзиуыл
ардауæг.
20 Мæ лæппу! Хъахъхъæн дæ фыды
фæдзæхст,
ма рох кæн дæ мады ныстуан.
21 Дæ зæрдыл сæ дар æдзухдæр,
дæ хъуыры сæ фæрдгуытау бакæн.
22 Куы фæцæйцæуай, уæд дæ размæ
кæндзысты,
куы бафынæй кæнай, уæд дæ
хъахъхъæндзысты,
куы-иу райхъал уай, уæд демæ
дзурдзысты.
23 Уымæн æмæ фæдзæхст у цырагъ,
ахуырад — рухс, зондамынд — царды
фæндаг.
24 Уыдон дæ хъахъхъæндзысты хъахбай
сылæй,
кæйдæр усы мæлгъæвзагæй.
25 Йæ рæсугъдмæ йын ма бабæлл дæ
зæрдæйы,
йæ цæстыхауты тъæбæрттæй йын ма
атай.
26 Хъахбай сылы фæдыл куы ацæуай,
уæд къæбæры фаг дæр нал кæндзынæ,
уымæн æмæ искæй ус дæ царды фæ-
дыл зилы.
27 Исчи йæ роны зынг куы бавæра,
уæд уымæн гæнæн ис, цæмæй йæ да-
рæс ма басудза?
28 Судзгæ ’взалытыл бæгъæввадæй куы
ацæуай,
уæд дæ къæхтæ нæ басудздзынæ?
29 Уæдæ искæй усимæ æмуат чи ’рцæуы,
уый дæр афтæ — куы йыл бандзæвы,
уæд æнæ ’фхæрдæй нæ баззайы.
30 Хуыснæг, æрмæст йæ гуыбын бафса-
дыны тыххæй
исты куы адавы, уæд ын карз тæрхон
нæ фæкæнынц.
31 Фæлæ йæ куы ’рцахсынц, уæд, цы
адавта,
уый авд ахæмæй бафиды,
йæ хæдзары исбон иууылдæр лæвæрд
æрцæуы.
32 Хъахбайæн йæ сæры зонд нæй,
йæхæдæг йæхи бабын кæны.
33 Над æмæ худинаг бавзардзæн,
йæ фидиссаджы кой никуы ферох
уыдзæн.
34 Уымæн æмæ карз уыдзæн йæ мойы
зæрдæхсайд,
мастисæн бон нæ ныббардзæн.
35 Ницавæр фиддоныл сразы уыдзæн,
цасфæнды лæвæрттæ йын куы кæнай,
уæддæр разыйæ ницæмæй
баззайдзæн.

**7** Мæ лæппу, мæ ныхæстæ мын дæ зæр-
дыл бадар,
мæ фæдзæхстытæ мын ма ферох кæн.
2 Мæ фæдзæхстытæ мын æххæст кæн
æмæ цæрдзынæ,
мæ зондамынд мын цæстыгагуыйау
хъахъхъæн.
3 Де ’нгуылдзтыл сæ къухдарæнау дар,
дæ зæрдæйы тæгтыл сæ ныффыс.
4 Уæлзондæн зæгъ: „Мæ хо дæ!“,
зондимæ хæстæгдзинад бакæн.
5 Уыдон дæ хъахъхъæндзысты искæй
усæй,
моймæдзыд сылгоймаджы рæвдауæн
ныхæстæй.

6 Иу хатт мæ хæдзары рудзынгæй
кастæн;
згъæрхызы уылты кæсын, æмæ
7 хуымæтæг адæмы астæу, фæсивæды
’хсæн,
иу æнæзонд лæппуйы бафиппайдтон.
8 Хъахбай сылгоймаг цы уынджы
царди,
уым хъеллау кодта, йæ хæдзары ’рдæм
ын фæцæйцыд.
9 Хур аныгуылд, изæрмилтæ ’рбахъуы-
зыдысты, баталынг.
10 Уалынмæ дын йæ размæ иу сылгоймаг
хæтаг сылы дарæсы рацæуы —
11 мæнгард, æнæнцой æмæ къæйных,
йæ бон хæдзары бадын кæмæн нал у,
ахæм.
12 Куы уынгты зилы, куы фæзты, алы ти-
гъыл дæр хъахъхъæны.
13 Фæлæбурдта йæм, аба йын кодта,
æнæфсармхуызæй йæм дзуры:
14 „Абон æз фидыды нывæндтæ
’рхастон,
мæ зæрдæвæрдтæ сæххæст кодтон.
15 Дæ размæ дæр уымæн рацыдтæн,
агуырдтон дæ æмæ дæ ссардтон.
16 Мæ хуыссæныл æмбæрзæнтæ
байтыдтон,
хуызджын мысыраг хъуымæцтæй йæ
сфæлыстон,
17 бапырх æй кодтон миррæ, алой æмæ
корицæйæ.
18 Рацу мæм, боныцъæхтæм кæрæдзийы
рæвдаудзыстæм,
нæ уарзты мондæгтæ суадздзыстæм.
19 Мæ лæг хæдзары нæй, дард балцы
ацыди.
20 Æвзистæй йедзаг чыссæ йемæ ахаста,
цалынмæ мæй цалхыдзаг суа, уæдмæ
не ’рыздæхдзæн“.
21 Алыхуызон хинæйдзаг митæй йæ
асайдта,
адджын ныхæстæй йæ фæрæдийын
кодта.
22 Лæппу араст ис йæ фæдыл —
гал æргæвдæнмæ куыд фæцæйцæуы,
саг къæппæгмæ куыд фезгъоры,
23 цалынмæ фат йæ игæрыл нæ сæмбæ-
лы, уæдмæ;
маргъау тæхы ахсæн хызмæ,
уым йæ мæлæт кæй ссардзæн, уый нæ
зонгæйæ.
24 Уæдæ мæм байхъусут, лæппутæ,
мæ ныхæстæм мын байхъусут
лæмбынæг.
25 Ма бауадз дæ зæрдæ йæ фæндагмæ
фæзилын,
йæ цæуæнтыл ын хъеллау ма кæн,
26 уымæн æмæ йæ амæттаг бирæтæ
баисты,
бирæ адæмы фесæфта.
27 Йæ хæдзар — фæндаг мæрдтыбæстæм,
ингæнмæ дæ батæрдзæн».

**8** Уый Уæлзонды сидт нæу, цымæ?
Зонды хъæлæс нæ азæлы?
2 Фæндаджы сæрмæ уæлхохыл,
стæй, фæндаг кæм акъабуз ис,
уыцы ран слæууы,
3 сахары кулдуары цур йе ’рдиаг
хъуысы,
сахармæ бацæуæны раз хъæр кæны:
4 «О, адæм, æз сымахмæ сидын,
адæммæ кæнын хъæрахст!
5 Æнæхинтæ, арфуынæг зондыл сахуыр
ут,
æнæзæндтæ, уæ зондыл бафтаут!
6 Байхъусут мæм, уымæн æмæ мæ ны-
хас асхджиаг у,
рæстдзинад хъуысы мæ дзыхæй,
7 ме ’взаг хъусын кæны æцæгдзинад —
æнаккагдзинад ме ’взагæн æлгъаг у.
8 Мæ ныхæстæ иууылдæр раст сты,
сайд æмæ мæнгдзинад дзы нæй.
9 Зондджын мын мæ ныхæстæ ’мбары,
зонынадæй чи схайджын ис, уый сæ
растыл нымайы.
10-11 Мæ зондамынд уын æвзистæй зы-
наргъдæр суæд,
зонынадæн сыгъзæринæй фылдæр
аргъ кæнут,
уымæн æмæ уæлзонд налхъуыт-нал-
мастæй хуыздæр у,
цæмæ фæбæллынц, уыдонæй йемæ
абарæн дæр ницы ис.
12 Æз Уæлзонд дæн, раст зондахаст ме-
мæ ис,
зонынад æмæ дардуынæг зонд мæн-
мæ сты.
13 Дунедарæджы раз тас кæмæ ис,
уымæн фыддзинад æнæуынон у.
Сæрыстыр æмæ схъæлдзырд,
галиу фæндаг æмæ мæнгæвзаг æнæ-
уынон сты мæнæн.
14 Уынаффæ æмæ æнтыст мæнмæ сты;
æз зонд дæн, æмæ хъару мемæ ис.
15 Мæ фæрцы паддзæхтæ хицауиуæг
кæнынц,
барджын хицæуттæ раст тæрхон
рахæссынц;

16 бæстæты хицæуттæ æмæ ’лдæрттæ,
дунейы æппæт тæрхоны лæгтæ
хицауиуæг кæнынц мæ фæрцы.
17 Чи мæ уарзы, уыдоны уарзын,
чи мæ агуры, уыдон мæ ссардзысты.
18 Мæнмæ сты хъæздыгдзинад æмæ кад,
æвидигæ фарн æмæ рæстдзинад.
19 Мæ дыргътæ — сыгъдæг сыгъзæринæй
хуыздæр,
сыгъдæг æвзистæй æз фылдæр пайда
’рхæсдзынæн.
20 Æз цæуын раст фæндагыл,
раст тæрхоны къахвæндæгтыл,
21 цæмæй, чи мæ уарзы, уыдонæн
аккаг хорзæхтæ балæвар кæнон,
байдзаг сын кæнон сæ хæзнадæттæ.
22 Дунедарæг мæн сфæлдыста Йæ фæн-
даджы райдиан,
Йе ’ппæт хъуыддæгты размæ,
рагзаманы.
23 Æз фæзындтæн раджы, заманты
размæ,
дуне сфæлдисыны агъоммæ.
24 Æз райгуырдтæн æнæбын
сæрсæфæнтæ
æмæ денджызты разæй;
25-26 хæхтæ æмæ къуыбыртæ нæма
сæвзæрдысты,
зæхх, быдыртæ æмæ дунейы фыццаг
рыджы муртæн
сæ кой дæр нæма уыди, афтæ æз
райгуырдтæн.
27 Дунедарæг уæлæрвтæ куы айтыгъта,
уæд æз Йæ разы уыдтæн.
Æнæбын сæрсæфæны сæрмæ зиллакк
куы нывæста,
28 уæлейæ куы æвæрдта æврæгътæ,
арф сæрсæфæны — доны гуырæнтæ,
29 дæттæн сæ бон ахизын кæй сæрты нæ
уыд,
денджызæн ахæм арæн куы скодта,
зæххæн быныдуртæ куы æвæрдта,
30 уæд æз Йæ разы нывгæнæг уыдтæн,
æрвылбоны цин Ын фестадтæн.
Æз цин кодтон æдзухдæр Йæ разы,
31 цин кодтон Йæ зæххон дунейыл,
адæмыл.
32 Уæдæ мæм байхъусут, сабитæ:
мæ фæндæгтæ чи хъахъхъæны, уыдон
тæхудиаг сты!
33 Мæ зондамындмæ мын байхъусут
æмæ куырыхон суыдзыстут, уæхи йыл
ма атигъ кæнут.
34 Чи мæм хъусы, æхсæвæй-бонæй мæ
къæсæрæй чи нæ хизы,
мæ дуарæй мын йæ цæст чи нæ исы,
уый тæхудиаг у!
35 Чи мæ ссардта, уый схайджын ис цардæй
æмæ Дунедарæджы хорзæх айсдзæни.
36 Мæ ныхмæ чи сысты, уый та йæхæдæг
йæхи сафы,
æнæуынон кæмæн дæн, уыдон уар-
зынц мæлæт».

9 Уæлзонд йæхицæн сарæзта хæдзар,
авд цæджындзы йын слæгъз кодта;
2 æрцæттæ кодта дзидза, алы
хъацæнтимæ — сæн
æмæ фынгтæ сæвæрдта.
3 Уый фæстæ йæ унæутты арвыста,
цæмæй сахары уæлвæзтæй хъæлæсы-
дзагæй фехъусын кæной:
4 «Æнæхинтæ, рацæут ардæм!»
Æнæзæндтæн дæр загъта:
5 «Рацæут, мæ минасæй мын бахæрут,
бануазут, хъацæнтæ цы сæныл æр-
кодтон, уымæй!
6 Уе ’нæфенд митæ ныууадзут æмæ
цæрдзыстут,
зонды фæндагыл цæут!»
7 Æдзæсгомæн зонд чи амона,
уый йæхи сæгад кæндзæн;
æнæхуыцауы азымджын чи кæна,
уый йæхи фæхудинаг кæндзæн.
8 Æдзæсгомæн уайдзæфтæ ма кæн,
науæд ын æнæуынон суыдзынæ,
куырыхонæн бауайдзæф кæн, æмæ дæ
уарздзæн.
9 Куырыхонæн зонд бацамон,
æмæ йæ зондыл ноджыдæр бафтдзæн,
раст адæймаджы сахуыр кæн,
æмæ ноджы зондджындæр суыдзæн.
10 Хуыцауæй тæрсын — куырыхон зонды
райдиан,
Уаз Хуыцауы базонын — æмбаргæ
зонды æвдисæн.
11 Мемæ, Уæлзондимæ, дæ царды бонтæ
фæфылдæр уыдзысты,
дæ азты нымæцыл бафтдзæнис.
12 Кæд куырыхон дæ, уæд дын дæ уæл-
зонд пайда хæссы,
кæд æдзæсгом, уæд та дæхæдæг фы-
дæбон бавзардзынæ.
13 Æдылыдзинад у æнæзонд, хъæргæнаг
æмæ æнæфенд сылгоймаджы ’нгæс.
14 Йæ хæдзармæ бацæуæны цур,
сахары уæлвæзтыл, къæлæтджыны
сбады,
15 цæмæй, йæ рæзты чи цæуы, уыдонмæ
сида:

16 «Æнæхинтæ, рацæут ардæм!»
Æнæзæндтæн зæгъы:
17 «Давæггаг дон адджындæр у,
давд кæрдзын — бирæ хæрзаддæр!»
18 Уыдон нæ зонынц, уым мæрдтæ кæй
сты, уый,
йæ уазджытæ мæрдтыбæстæм кæй
бацæуынц.

# 10

Соломоны æмбисæндтæ.
Куырыхон фыртæй йæ фыды зæрдæ
райы,
æдылы лæппу та йæ ныййарæг ма-
дæн — масты хос.
2 Мæнг хъуыддæгты фæрцы дæ къухы
цы хæзнатæ бафтой, уыдонæй пайда
нæй;
раст фæндагыл куы цæуай, уæд мæ-
лæтæй фервæздзынæ.
3 Дунедарæг рæстуды 'ххормагæй нæ
ныууадздзæн,
фæлæ, æнæхуыцау сыдæй куы мæла,
уæд ыл Йæхи атигъ кæндзæн.
4 Зивæггæнаг къухтæ мæгуырмæ
'ркæнынц,
кусаг къухтæ — хъæздыгдзинадмæ.
5 Сæрды тыллæг чи æмбырд кæны,
уый зондджын лæппу у,
хуымгæрдæн афон фынæй чи кæны,
уый та — æдылы.
6 Рæстуды сæрыл — арфæты кады худ;
æнæхуыцауæн йе 'взаг сусæг кæны
фыдвæнд.
7 Рæстуды арфæгондæй мысдзысты,
тæригъæдджынæн йæ кой дæр нал
баззайдзæн.
8 Куырыхоны зæрдæйы цæры Хуыцауы
фæдзæхст,
дзæгъæлдзых æмæ зондцух чи у,
уый та фыдбылызы бахаудзæн.
9 Раст фæндагыл чи цæуы, уый æдас у,
галиу фæндæгтыл чи цæуы,
уый та æфхæрд баййафдзæн.
10 Йæ цæстытæ чи ныкъулы,
уый исты фыдбылыз сараздзæн,
æдылы æмæ къæбæда чи у,
уый фыдбылызы бахаудзæн.
11 Рæстуды æвзаг — дзæм-дзæмы суадон,
æнæхуыцауæн йе 'взаг сусæг кæны
фыдвæнд.
12 Æнæуынондзинад хъаугъа расайы,
уарзондзинад алы тæригъæд дæр
бары.
13 Зондджынæн йе 'взагыл уæлзонд
цæры,
æдылыйæн та йæ фæсонтыл уисæй
над ауайы.
14 Куырыхонтæ хъахъхъæнынц зонынад,
æдылыйæн та йе 'взаг йе сæфт хæс-
тæгдæр кæны.
15 Хъæздыгæн йæ исбон — фидар мæсыг,
мæгуыр лæгæн йæ мæгуырдзинад —
йе сæфт.
16 Рæстуды фæллæйттæ — царды
сæраппонд,
æнæхуыцауæн та йе 'фтиаг — тæри-
гъæд ракæнынæн.
17 Зондамындмæ чи хъусы, уый царды
фæндагыл цæуы,
уайдзæфтæ чи ницæмæ дары, уый
фæдзæгъæл уыдзæн.
18 Мæнг æвзаг æнæуынондзинад
æмбæхсы;
æдылы хахуыртæ дыууæрдæм хæссы.
19 Бирæ чи дзуры, уый тæригъæдæй йæ-
хи нæ бахиздзæн,
йæ дзыхыл хæцын чи зоны, уый зонд-
джын у.
20 Рæстуды 'взаг — æвзаргæ 'взист,
æнæхуыцауы зæрдæйæн та цæй аргъ
ис?
21 Рæстуды ныхæстæ бирæты
хъахъхъæнынц,
зондцухты та се 'дылы зонд фесафы.
22 Дунедарæджы арфæ адæймаджы
схъæздыг кæны,
æмæ йемæ сагъæс нæ хæссы.
23 Æдылы чъизи митыл цин кæны,
зондджын та — уæлзондыл.
24 Æнæхуыцæуттыл, цæмæй тæрсынц,
уыдæттæ 'рцæудзысты,
рæстудты бæллицтæ сæххæст
уыдзысты.
25 Зилгæ дымгæ рацыди — æнæхуыцау
фесæфти,
рæстуд та мыггагмæ фидар уыдзæн.
26 Дзымари дзых смаст кæны, фæздæг
цæстытæ къахы,
магуса дæр йе 'рвитджытæн — уыдо-
ны 'нгæс.
27 Дунедарæгæй чи тæрсы, уый бирæ
цæры,
æнæхуыцауæн йæ азтæ нымад сты.
28 Рæстудæн йæ зæрдæдарæн цин
хæссы,
æнæхуыцауæн йæ бæллицтæ нæ сæх-
хæст уыдзысты.
29 Сыгъдæгзæрдæйæн Дунедарæджы
фæндаг — хъахъхъæнæг мæсыг,
фыдгæнæджы та тасы 'фтауы.

30 Рæстуд мыггагмæ нæ фæцуддзæн,
æнæхуыцæуттæ зæххыл нæ
баззайдзысты.
31 Рæстуды æвзагæй уæлзонд тæдзы,
фыд æвзаг та къуырд æрцæудзæнис.
32 Рæстуды ’взаг хъæугæ ныхас зоны,
æнæхуыцауæн йе ’взаг — зианхæссæг.

**11** Дунедарæгæн сайаг барæнтæ æлгъаг сты,
раст уæзбарæнтæ — æхцон.
2 Сæрыстырдзинадæн йæ фæдыл цæуы
худинаг,
сæрныллæгдзинадæн — уæлзонд.
3 Рæстзæрдæйы йæ сыгъдæг зæрдæ
размæ кæны,
фæлитойы йæ мæнгарддзинад
фесафы.
4 Дунедарæджы масты бон куы
ралæууа,
уæд мулкæй ницы пайда уыдзæн,
фæлæ, раст фæндагыл чи цæуы,
уый мæлæтæй фервæздзæн.
5 Сыгъдæгзæрдæйы йæ раст зонд кæны
раст фæндагыл,
æнæхуыцауы йæ фыдбылызтæ
фесафынц.
6 Рæстзæрдæты сæ раст зонд фервæзын
кæны,
мæнгæрдтæ та сæ монцты уацары
бахауынц.
7 Æнæхуыцауæн йæ зæрдæдарæн йемæ
амæлдзæн,
фыдгæнджытæ æнхъæлмæгæсгæйæ
баззайдзысты.
8 Рæстуд фервæзы фыдбылызæй,
йæ бæсты дзы бахауы æнæхуыцау.
9 Æнæхуыцауы æвзаг хионыл дæр нæ
ауæрды,
рæстуд йæ зонынады фæрцы
фервæзы.
10 Рæстуд æнтыстджын куы вæййы,
уæд сахар цин фæкæны;
æнæхуыцæуттæн се сæфт куы ’рцæуы,
уæд цины хъæртæ райхъуысынц.
11 Рæстгæнджыты арфæтæй сахар
сырæзы,
æнæхуыцæутты ’взаг та йæ ныппырх
кæны.
12 Æдылы йæ хионы сæгад кæны,
фæлæ зондджын ницы сдзуры.
13 Фыдæвзаг искæй сусæгтæ рахъæр
кæны,
æууæнкджын адæймаг — æдзæм.
14 Æнæ зондамындæй адæм фесæфынц,
фæлæ, уынаффæгæнджытæ
бирæ кæм уа,
уым сæ уæлахиз — цæттæ.
15 Искæй тыххæй йæ сæр лыгмæ чи
дæтты,
уый фыдбылызы бахаудзæн,
фæлæ, искæй æвджид ныллæууынмæ
тагъд чи нæ кæны, уый — æдас.
16 Хæрзæгъдау сылгоймаг — кадджын,
куыстуарзаг лæг — хъæздыг.
17 Хæрзуаг адæймаг йæхицæн пайда
’рхæссы,
æгъатыр та йæхæдæг йæхи фыдбылы-
зы баппары.
18 Фыдгæнæгæн йæ хæрзиуæг мæнг у,
рæстдзинад чи тауы, уый æцæг хæр-
зиуæг райсдзæнис.
19 Раст фæндагыл чи цæуы, уый
цæрдзæн,
фыддзинады фæдыл чи згъоры, уый
мæлæтмæ тырны.
20 Фæлитойтæ Дунедарæгæн æлгъаг сты,
раст фæндагыл чи цæуы, уыдон
та — æхцон.
21 Фидар зон: тæригъæдджын æнæ
’фхæрдæй нæ баззайдзæн,
фæлæ рæстудты мыггаг фервæздзæн.
22 Хуыйæн йæ бырынчъы сыгъзæрин
хъусцæг куы бакæнай,
раст уый æнгæс у рæсугъд æмæ æнæ-
зонд сылгоймаг.
23 Рæстудты бæллицтæ фарн хæссынц,
æнæхуыцæуттæн сæ зæрдæдарæн
маст расайдзæн.
24 Чидæр рæдауæй уары, æмæ йæ исбо-
ныл æфты,
чидæр та алцæуыл ауæрды,
фæлæ мæгуырæй-мæгуырдæр кæны.
25 Рæдау зæрдæ цæрæн фæрæзтæй цух
нæ уыдзæн;
искæмæн йæ дойны чи басæтта,
уый йæхæдæг дæр дойныйæ нæ
амæлдзæн.
26 Йæ мæнæу чи ’мбæхсы, уый адæм æл-
гъитгæ кæнынц,
фæлæ дзы чи уæй кæны, уый арфæты
бын фæуыдзæн.
27 Хорз ракæнынмæ чи тырны, уый хор-
зæх райсдзæнис,
фыдбылыз чи агуры, уый йæ
ссардзæн.
28 Йæ хъæзыгдзинадæй йæ ныфс чи хæс-
сы, уый фæкæлдзæнис,
рæстудтæ та, йæ сыфтæр цъæх цы бæ-
ласæн дары,

уый æнгæс суыдзысты.
29 Йæ хæдзарыл фыдбылыз чи æфтауы,
уымæн йæ хай — дымгæ;
æдылы лæггад кæндзæн куырыхонæн.
30 Рæстуды дыргъæй царды бæлас
сырæзы,
куырыхон адæмы зæрдæтæ йæхимæ
'лвасы.
31 Кæд раст адæймагæн йæ хъуыддæгтæ
йæ цæргæбонты бафыстæуы,
уæд æнæхуыцæуттæн æмæ тæри-
гъæдджынтæн та — уæлдайдæр.

12 Зондамынд чи уарзы, уый зонынад
уарзы,
уайдзæф æнæуынон кæмæн у, уый
æнæфенд у.
2 Дунедарæг уарзы хæларзæрдæ
адæймаджы,
мæнгарды та Йæ азар баййафы.
3 Фыдгæнæг зæххыл не 'рфидар
уыдзæн,
раст адæймагæн йæ уидаг фидар у.
4 Хæрзуаг бинойнаг йæ сæрыхица-
уæн — кады худ,
налат ус та — йе стджыты 'хсæн æм-
быд стæг.
5 Раст адæймаг хъуыды кæны
рæстдзинадыл,
æнæхуыцау та фыдвæндтæ аразы.
6 Æнæхуыцауы ныхæстæ — туг ныкка-
лынæн асадæн,
фæлæ рæстуды 'взаг адæмы фервæ-
зын кæны.
7 Æнæхуыцау æрхауди — æмæ нал ис,
рæстуды хæдзар нæ фенкъуысдзæн.
8 Зондджын ныхас адæймаджы скад-
джын кæны,
æнахъинон зондахаст — æгады хос.
9 Фæлтау хуымæтæгæй цæр æмæ дæхи-
цæн лæггад кæн,
дæхицæй номджын лæг аразгæйæ,
къæбæрæй хъуаг æййафыны бæсты.
10 Рæстуд йæ фосыл дæр мæт кæны,
æнæхуыцауæн йæ хорзæх дæр — за-
лым мийæ фыддæр.
11 Йæ зæхх чи кусы, уый æфсæст
уыдзæн,
æдылы та йæ тутт бæллицты фæдыл
зилы.
12 Æнæхуыцау йæ быцъынæг скъуыны
хинмæ,
фæлæ рæстуды уидаг талатæ суадзы.
13 Æнæхуыцау йæ сайæн ныхæсты ныс-
суйтæ уыдзæн,
рæстуд та фыдбылызæй фервæздзæн.
14 Адæймаг йæ ныхæсты фарнæй
æфсæды,
йæ хъиамæт æм хæрзиуæджы хуызы
раздæхы.
15 Æдылымæ йæ фæндаг раст кæсы,
куырыхон та уынаффæтæм хъусы.
16 Æдылы йæ маст уромын нæ зоны,
фæлæ йын зондджын йе 'фхæрд ни-
цæмæ 'рдары.
17 Цæсгомджын адæймаг рæстдзинад
дзуры,
мæнгæвдисæнæн йæ ныхæстæ мæн-
гард сты.
18 Дзæгъæлдзыхы ныхас — карды цæф,
куырыхоны ныхас — æвдадзы хос.
19 Раст ныхæстæ баззайдзысты æнусмæ,
мæнг ныхас — æрмæстдæр иу уысммæ.
20 Фыдвæндгæнæджы
зæрдæйы — мæнгарддзинад,
фидауынгæнджытæм — циндзинад.
21 Раст адæймагыл фыдбылыз не
'рцæудзæн,
æнæхуыцæуттæн сæ цард — фыдбы-
лызтæй йедзаг.
22 Мæнг æвзаг Дунедарæгæн æлгъаг у,
цæсгомджынæй чи цæры, уый
Йын — æхцон.
23 Зондджын йæ зонынад æмбæхсы,
зондцух та йе 'дылыдзинад равдисы.
24 Кусаг къух хицауиуæг кæндзæн,
магусатæм æнхъæлмæ кæсы бегара.
25 Адæймаджы зæрдæ мæтæй
сфæлмæцы,
хорз ныхасæй та схъæлдзæг вæййы.
26 Рæстуд йæ хионæн фæндаг
бацамондзæн,
æнæхуыцæутты цæуæнтыл та фæдзæ-
гъæл уыдзынæ.
27 Магуса æфтиаджы ад нæ зоны,
куыстуарзаг та мулк æмæ цæрæн фæ-
рæзтæй цух не 'ййафы.
28 Рæстдзинады фæндагыл — цард,
йæ цæуæнтыл нæ сæмбæлдзынæ
мæлæтыл.

13 Куырыхон лæппу йæ фыды зонда-
мындмæ хъусы,
æдзæсгом уайдзæфтæм йæ хъус нæ
дары.
2 Адæймаг йæ ныхæсты фарнæй
æфсæды,
мæнгард лæг та тыхмийæ цæры.
3 Йæ дзыхыл хæцын чи зоны, уый йæ
цард хъахъхъæны,

рæузонд ныхæстæ чи кæны, уый йæхи
фесафдзæн.
4 Магуса цæмæдæрты бæллы, фæлæ
дзæгъæлы,
æнæзивæгæн йæ фæндтæ йæ къухы
бафтынц.
5 Рæстудæн мæнг ныхас æнæуынон у,
æнæхуыцау та йæхи сæгад æмæ фæ-
худинаг кæны.
6 Раст адæймаг раст фæндагыл цæуы,
тæригъæдджыны йе 'наккагдзинад
фесафы.
7 Иуæй-иу йæхицæй хъæздыг аразы,
афтæмæй йæм мур дæр ницы ис,
кæмæндæр та йæ исбон — бирæ,
фæлæ йæхи мæгуыр хоны.
8 Хъæздыг адæймаг йæ мулчы фæрцы
мæлæтæй фервæзы,
фæлæ мæгуыр лæг уайдзæф дæр нæ
фехъусдзæн.
9 Рæстгæнджыты рухс хъæлдзæгæй
судзы,
фыдгæнджыты цырагъ та мынæг
кæны.
10 Хирвæссондзинад загъд къахы,
уынаффæ кæм ис, уæлзонд дæр уым.
11 Хæлофæй цы 'фтиагыл фæхæст уай,
уый уайтагъд фæцыдæр уыдзæн,
чысылгай цы мулк фембырд кæнай,
ууыл ма ноджыдæр бафтдзæн.
12 Адæймагæн йæ зæрдæдарæн куы не
'ххæст кæна,
уæд йæ зæрдæ фæлмæцгæ кæны,
чи сæххæст ис, уыцы бæллиц та —
царды бæлас.
13 Зондамынд чи ницæмæ дары, уый
йæхи сафы,
фæлæ фæдзæхстæн аргъ чи кæны,
уый йæ хæрзиуæг райсдзæн.
14 [Мæнгард фырт хорзæй ницы
ссардзæн;
æмбаргæ цагъар йæ хъуыддæгты уы-
дзæни æнтыстджын.]
15 Куырыхоны зондамынд — царды
гуырæн,
мæлæты къæппæгæй дæ фервæзын
кæндзæн.
16 Раст зондахаст хорзæхæй схайджын
кæны,
мæнгардты фæндаг сæфтмæ 'ркæны.
17 Цыргъзонд зондимæ архайы,
æдылы та йе 'рра митæй бæрæг дары.
18 Фыдуацхæссæгæн — додойаг йæ
къона,
иузæрдион фæдисон — æвдадзы хос.
19 Зондамындыл йæхи чи атигъ кæна,
уый сæгад æмæ сгæвзыкк уыдзæн;
зондамынд йæ зæрдæмæ чи айса, уый
та — кадджын.
20 Адæймагæн йæ бæллиц куы сæххæст
вæййы,
уæд йæ зæрдæ цин фæкæны;
æдылымæ йæ фыдбылызы фæндтæ
ныууадзынæй зындæр ницы кæсы.
21 Куырыхонтимæ куы балымæн уай,
уæд дæхæдæг дæр куырыхон
суыдзынæ,
æдылытимæ куы баиу уай,
уæд та фыдбылызы бахаудзынæ.
22 Тæригъæдджынæн йæ фæдыл цæуы
фыдбылыз,
рæстуды хæрзиуæг — æвыдæй цæрын.
23 Хæларзæрдæ адæймаг йæ цоты цотæн
бынтæ ныууадзы,
тæригъæдджыны исбон та — рæсту-
ды хай.
24 Мæгуыр лæджы хуымы дæр бирæ
тыллæг æрзайы,
фæлæ галиу миты аххосæй йæ хорæй
æнæхай фæвæййы.
25 Йæ уисæн тæригъæд чи кæны, уый йæ
фырты нæ уарзы,
фæлæ йæ чи уарзы, уый йын зонд
бацамондзæн.
26 Рæстуд — æфсæст, æнæхуыцау сыдæй
мæлы.

**14** Куырыхон
сылгоймаг — хæдзаргæнæг,
æдылы ус та йæ хæдзар йæхи къухæй
халы.
2 Дунедарæгæй чи тæрсы,
уый раст фæндагыл цæуы;
Дунедарæгыл æлгъ чи кæны,
уый цæуы галиу фæндæгтыл.
3 Æдылыйæн йе 'взаг — йæ ехс,
куырыхоны та йе 'взаг хъахъхъæны.
4 Галтæ кæм нæй, уым хордон — афтид;
хъаруджын галтæ кæм уа,
уым тыллæг бирæ уыдзæн.
5 Рæстæвдисæн сайгæ нæ кæны,
мæнгæвдисæн мæнгдзинадæй улæфы.
6 Æдзæсгом агуры уæлзонд,
фæлæ йыл нæ хæст кæны;
зондджын йæ зондыл æнцонæй
æфтауы.
7 Æдылыйæ дæхи дард лас —
зондджын ныхас дзы нæ
фехъусдзынæ.
8 Зондджынæн йæ куырыхон зонд,

йæ фæндаг кæй æмбары, уый мидæг ис,
зондцухæн та йе 'дылыдзинад — йæ мæнг хъуыдыты.
9 Æдылытæ худынц тæригъæдтæ сыгъдæггæнæг нывондыл,
фæлæ цæсгомджын адæм Дунедарæджы хорзæх райсдзысты.
10 Лæгæн йæ рыст йæхи йеддæмæ ничи зоны,
йæ цинып дæр ын йæхицæй фылдæр ничи фæцин кæндзæн.
11 Æнæхуыцауы хæдзар ныззыгуым уыдзæн,
рæстуды хæдзар — дидинæфтыд.
12 Адæймагмæ иуæй-иу фæндаг раст фæкæсы,
фæлæ йæ 'ппынфæстаг мæлæтмæ 'ркæны.
13 Циндзинады дæр зæрдæ фæриссы,
æмæ цин раивы мастæй.
14 Æнæуагæн йæ хъуыддæгтæм гæсгæ бафыстæуыдзæн,
хорз адæймагæн дæр афтæ.
15 Æнæхин алы ныхасыл дæр æууæнды,
фæлæ зондджын йæ къахдзæфтæм лæмбынæг кæсы.
16 Зондджын фыдбылызæй тæрсы,
æмæ дзы йæхи хъахъхъæны,
æдылы та — нæрæмон æмæ æгæр ныфсхаст.
17 Мæстыгæр æдылы митæ бирæ кæны;
мæнгард лæг адæмæн — æнæуынон.
18 Æнæфендæн йæ хай — æдылыдзинад,
зондджыны кады худ — зонынад.
19 Фыдгæнджытæ æркъул уыдзысты хæларзæрдæ адæмы раз,
æнæхуыцæуттæ — рæстуды кулдуары цур.
20 Мæгуыр лæгыл йæ хион дæр былысчъилтæ кæны,
хъæздыгæн бирæ 'рдхæрдтæ ис.
21 Йæ хионмæ 'лгъаджы цæстæй чи кæсы, уый тæригъæд ми кæны,
мæгуыр лæгæн æххуыс чи кæны, уый — тæхудиаг.
22 Фыдвæндтæ чи аразы,
уымæн йæ фæндаг ныссуйтæ уыдзæн,
хорз хъуыддæгтæ чи кæны,
уыимæ сты рæстдзинад æмæ æцæгдзинад.
23 Алы уæззау куыстæй дæр исты 'фтиаг разыны,
дзæнгæдайæ та — æрмæст мæгуырдзинад.
24 Куырыхонæн йæ кады худ — йæ хъæздыгдзинад,
зондцух йæхи йе 'дылы зондæй сфæлынды.
25 Рæстæвдисæн адæмы фервæзын кæны,
мæнгæвдисæн улæфы мæнгдзинадæй.
26 Хуыцауы тас — фидар мæсыг,
Йæ сабитæн Уый у æмбæхсæн.
27 Дунедарæгæй тас — царды гуырæн,
уый фæрцы мæлæты ахсæн хызæй фервæздзынæ.
28 Паддзахæн йæ дæлбар бирæ адæм куы уа,
уæд скадджын уыдзæн,
йæ дæлбар куы ничи уа, уæд йе сæфт æрцыд.
29 Фæразон адæймаг — стыр зонды хицау,
мæстыгæр та йе 'дылыдзинад равдисы.
30 Зæрдæ сабыр куы уа, уæд буар дæр æнæниз уыдзæн,
хæлæгдзинадæй стджытæ 'мбигæ кæнынц.
31 Мæгуыр лæджы чи хъыгдары,
уый йын йе Сфæлдисæджы 'фхæры,
кад Ын чи кæны, уый мæгуыртыл ауды.
32 Æнæхуыцæутты сæ фыдбылызтæ фесафынц,
рæстудæн та йæ мæлæты дæр ис зæрдæдарæн.
33 Уæлзонд цæры зондджыны зæрдæйы,
æдылыты 'хсæн бæрæг дары.
34 Раст фæндагыл цы адæм цæуынц,
уыдонæн сæ номы кой айхъуысы,
тæригъæд та сын — худинаджы хос.
35 Паддзах йæ зондджын цагъарæн хæрзаудæн кæны,
чи йæ сæгад кæны, уый та бафхæры.

**15** Сабыр ныхас маст уромы,
цæхгæр ныхас загъд къахы.
2 Куырыхоны 'взаг зонындзинæдтæ тауы,
зондцухы дзыхæй æдылы ныхас йеддæмæ ницы схауы.
3 Дунедарæджы цæстытæ алкæдæм дæр кæсынц:
фыдзæрдæты дæр уынынц æмæ,
хæларзæрдæ чи у, уыдоны дæр.
4 Сабыр ныхас — царды бæлас,
сайæн ныхас зæрдæйæн — масты хос.
5 Æдылы йæ фыды зондамынд ницæмæ дары,

уайдзæфтæм лæмбынæг чи хъусы,
уый зондджын у.
6 Рæстуды хæдзары бирæ хæзнатæ ис,
æнæхуыцауæн та йе ’фтиаг фыдбылыз
æрхæсдзæн.
7 Куырыхоны ’взаг зонынад тауы,
æдылытæм ахæм зæрдæйы уаг нæй.
8 Дунедарæг æнæхуыцæутты нывæнд-
тыл æлгъ кæны,
рæстуды куывд ын æхсызгон у.
9 Дунедарæгæн æнæхуыцауы фæндаг
æлгъаг у,
раст фæндагыл чи цæуы, ахæмы
уарзы.
10 Раст фæндаг чи ныууагъта, уый æф-
хæрд баййафдзæн,
уайдзæф æнæуынон кæмæн у, уый
фесæфдзæн.
11 Мæрдтыбæстæ æмæ Аваддон Дунеда-
рæджы раз гом сты,
уæлдайдæр та — адæмы зæрдæтæ.
12 Æдзæсгом уайдзæфтæ нæ уарзы,
куырыхонтæм хæстæг нæ цæуы.
13 Зæрдæ цин куы фæкæны,
уæд цæсгом дæр ныррухс вæййы;
зæрдæйы маст — уды хъынцъым.
14 Зондджыны зæрдæ зонынадмæ
тырны,
æдылы та йе ’дылы зондæй æфсæды.
15 Æнамонд адæймаг
цæрæнбонты — æрхæндæг,
йæ зæрдæ хъæлдзæг кæмæн у,
уымæ та алы бон дæр — куывд.
16 Фæлтау дæм бирæ ма уæд,
фæлæ дæм уæд тас Дунедарæджы раз,
бирæ мулк дæм куы уа,
уæд уымæн тæрсыны бæсты.
17 Уарзондзинад кæм цæры,
уым сихорыл халсартæ бахæрын ху-
ыздæр у,
цæйнæфæлтау — хæрзхаст гал,
æнæуынондзинад кæм цæры, уым.
18 Мæстыгæр хъаугъатæ тауы,
фæразон загъд басабыр кæны.
19 Зивæггæнагæн йæ фæндаг — сындзы-
тæй йедзаг,
рæстудты фæндаг лæгъз у.
20 Куырыхон лæппуйæ йæ фыды зæрдæ
райы,
æдылы та æлгъ кæны йæ ныййарæг
мадыл.
21 Зондцух йе ’дылы митыл цин кæны,
зондджын раст фæндагыл цæуы.
22 Уынаффæгæнæг куынæ уа,
уæд хъуыддаг нæ сыræздзæн,
уынаффæгæнджытæ бирæ куы уой,
уæд алцыдæр къухы бафтдзæнис.
23 Йæ бон дзуапп раттын кæмæн у,
уыцы адæймаг цин кæны,
æмæ куыд хорз у афоныл загъд ныхас!
24 Зондджын царды фæндагыл хæрдмæ
цæуы,
мæрдтыбæстæй йæхи бахизы.
25 Дунедарæг сæрыстырты хæдзæрттæ
фехалы,
фæлæ идæдзы арæнтæ хъахъхъæны.
26 Дунедарæгæн фыдвæндтæ æлгъаг
сты,
хæларзæрдæ ныхæстæ сыгъдæг сты
Йæ разы.
27 Кæрæф адæймаг йæ хæдзарыл фыд-
былыз æфтауы;
гæртæмттæ æнæуынон кæмæн сты,
уый та цæрдзæн.
28 Раст адæймаг дзуапп раттыны размæ
лæмбынæг ахъуыды кæны,
æнæхуыцауы ’взаг хорзæй ницы
ракалы.
29 Дунедарæг æнæхуыцæуттæй дард у,
рæстуды куывдмæ хъусы.
30 Рухс цæстæнгас зæрдæйæн цин хæссы,
хорз уац лæджы стæгвидар кæны.
31 Раст уайдзæфтæм чи хъусы,
уый куырыхонтимæ балымæн
уыдзæн.
32 Зондамынд чи ницæмæ дары,
уый йæхицæн знаггад ракæндзæн;
уайдзæфмæ чи хъусы, уый йæ зондыл
æфтауы.
33 Дунедарæджы тас ахуыр кæны
уæлзондыл,
кады разæй цæуы сæрныллæгдзинад.

**16** Адæймаджы зæрдæ фæндтæ кæны,
фæлæ алцæмæн дæр дзуапп Дунеда-
рæгæй рацæуы.
2 Алчидæр йæ фæндæгтæ сыгъдæгыл
нымайы,
фæлæ Дунедарæг зæрдæтæ фæлвары.
3 Дæ хъуыддæгтæ Дунедарæджы бар
бакæн,
æмæ дæ фæндтæ сæххæст уыдзысты.
4 Дунедарæг алцыдæр йæхи нысанæн
сфæлдыста,
суанг æнæхуыцауы дæр бæллæхы
бонмæ хъахъхъæны.
5 Дунедарæгæн æнæввæрсон зæрдæ
æлгъаг у,
æнæ ’фхæрдæй йæ, бæлвырд,
нæ ныууадздзæн.

6 Уырнындзинад æмæ рæстдзинад
тæригъæдæй ссыгъдæг кæнынц;
Дунедарæгæй тас фыдбылызæй бахизы.
7 Адæймаджы фæндæгтæ Дунедарæгæн
æхсызгон куы вæййынц,
уæд æй йе знæгтимæ дæр бафидауын
кæны.
8 Фæлтау дæм иу чысыл исты уæд, æмæ
раст фæндагыл цу,
цæйнæфæлтау — хъæздыг æфтиаг,
фæлæ — тæригъæды фæрцы.
9 Адæймаг хъуыды кæны йæ царды
фæндагыл,
фæлæ йын йæ къахдзæфтæ
Дунедарæг аразы.
10 Паддзах хъусын кæны Хуыцауы
фæндон,
йæ тæрхоны нæ фæрæдидзæн.
11 Дунедарæг раст уæзбарæнтæ домы,
хызыны цы уæзбарæнтæ ис, уыдон
Уый сфæлдыста.
12 Паддзæхтæ фыдракæндтыл æлгъ
кæнынц,
уымæн æмæ паддзахы бадæн раст
зондæй сфидар вæййы.
13 Паддзæхтæн раст ныхас æхсызгон у,
æцæгдзинад чи дзуры, уыдоны
уарзынц.
14 Паддзахы маст — мæлæты уацхæссæг,
фæлæ йæ куырыхон басабыр кæны.
15 Паддзахæн йæ рухс
цæстæнгасы — цард,
йæ хæрзаудæн — уалдзыгон
тæрккъæвда.
16 Сыгъдæг сыгъзæрины фæдыл зилыны
бæсты
уæлзонд агурын — хуыздæр,
æвзаргæ 'взист æмбырд кæнынæй
зондыл æфтауын — хуыздæр.
17 Рæстудты фæндаг фыдбылызæй
бахизы;
йæ фæндаг чи хъахъхъæны, уый йæ уд
бавæры.
18 Сæфты размæ фæзыны
сæрыстырдзинад,
æрхауыны
размæ — æнæввæрсондзинад.
19 Сæрыстыртимæ 'фтиаг дих кæныны
бæсты,
фæлтау мæгуыртимæ цæр
сæрныллæгæй.
20 Зондæй чи архайы, уый æнтыстджын
уыдзæн,
Йæ зæрдæ Дунедарæгыл чи дары,
уый — тæхудиаг.
21 Йæ зæрдæйы уæлзонд кæмæн цæры,
уый зондджын хондзысты;
йæ дзыхы ныхас æхцон кæмæн у,
ууыл фылдæр æууæнддзысты.
22 Зонд кæмæ ис, уыдонæн уый — царды
гуырæн,
зондцухæн та йе 'дылыдзинад — йæ
азар.
23 Куырыхон йæ зонды фæрцы, цы зæ-
гъа, уый ссардзæн,
æмæ йæ ныхæстæ уырнинагдæр
уыдзысты.
24 Рæвдауæн ныхас мыды фæзгъæрты ад
кæны:
удæн — æхсызгон, буарæн — æнæни-
зы хос.
25 Иуæй-иу фæндаг адæймагмæ раст
фæкæсы,
фæлæ йæ 'ппынфæстаг мæлæтмæ
'ркæны.
26 Кусæг лæг стонг куы феййафы,
уæд йæ фæллад суадзынæн йæхицæн
бар дæр нал фæдæтты.
27 Æнаккаг аразы фыдвæндтæ,
йæ дзыхæй цыма пиллон арт кæлы,
уыйау.
28 Мæнгард лæг хъаугъатæ тауы,
дам-думтæ фæхицæн кæнынц
æмбæлтты.
29 Фыдлæг йæ хионы фæрæдийын кæны,
галиу фæндагмæ йæ асайы.
30 Цъынддзæстæй чи кæсы, уый фыд-
вæндтæ аразы,
йæ былтыл йæ дæндæгтæй æрхæц-
æрхæц чи кæны,
уый фыдбылызы фæндтæ нывæнды.
31 Урс сæр — намысы кады худ,
раст фæндагыл чи цæуы, уый йæ
ссардзæнис.
32 Фæразон — хъæбатырæй хуыздæр,
йæхиуыл хæцын чи зоны, уый,
сахартæ чи басæтты,
уымæй — тыхджындæр.
33 Адæм хæлттæ сæппарынц,
фæлæ алы уынаффæ дæр Дунедарæ-
гæй рацæуы.

**17** Хус къæбæримæ фидыдæй
цæрын — хуыздæр,
цæйнæфæлтау дæ хæдзар æргæвст
фосæй йедзаг уа,
фæлæ дзы хъаугъа ма 'нцайа.
2 Зондджын цагъар йæ хицауы æнæуаг
фыртæн хицау суыдзæн,
æфсымæртимæ исбон байуардзæн.

3 Згъæртайынгæнæн — æвзистæн,
куынцгом — сыгъзæринæн,
зæрдæтæ та Дунедарæг фæлвары.
4 Фыдлæг фыдгæнæджы ныхæстæм
лæмбынæг хъусы,
фæлитой йæ хъус дары зианхæссæг
æвзагмæ.
5 Мæгуыр лæгыл чи худы,
уый йын йе Сфæлдисæджы ’фхæры;
искæй хъыгыл цин чи кæны,
уый æнæ ’фхæрдæй нæ баззайдзæн.
6 Зæронд лæгæн йæ кады худ — йæ цоты цот,
фырттæ та кадджын сты сæ
фыдæлтæй.
7 Æдылыйыл хиппæлой ныхæстæ нæ
фидауынц,
уæзданыл та — мæнг ныхæстæ.
8 Гæртам, чи йæ дæтты, уый цæсты у
алæмæты дур:
кæдæмфæнды ма фæзилæд, алы ран
дæр — пайда.
9 Уарзтмæ чи бæллы, уый йе ’фхæрд ферох кæны;
йæ зæрдæйы маст чи хæссы,
уый йе ’мбалæй æнæхай фæуыдзæн.
10 Зондджыны уайдзæф куыд
фæрæхойдзæн,
афтæ зондцухмæ сæдæ цæфы нæ
бахъардзысты.
11 Фыдгæнæг æрмæст змæстмæ тырны,
æгъатыр зæды йæм рарвыстæуыдзæн.
12 Зондцухыл, йе ’дылы зонд куы
рафыцы,
уыцы рæстæг сæмбæлыны бæсты
фæлтау, йæ лæппынты кæмæн амардтой, ахæм арсыл сæмбæл.
13 Хорз æвзæрæй чи фиды, уымæн йæ
хæдзарæй
фыдбылыз иуварс никуы ацæудзæн.
14 Загъд райдыдта — донмарæн ратыдта;
цалынмæ нæ сабухта, уæдмæ дæхи
’рсабыр кæн.
15 Æнæхуыцауы раст чи кæны,
рæстуды — азымджын,
иу дæр æмæ иннæ дæр Дунедарæджы
раз — æлгъаг.
16 Æдылыйы та ’хцайы хызын цæмæн
хъæуы?
Зонд дæм куынæ уа, уæд уæлзонд нæ
балхæндзынæ.
17 Æрдхорд кæддæриддæр демæ ис;
æфсымæр та уымæн райгуыры,
цæмæй фыд заманы дæ разы уа.
18 Æнæзонд ивазы йæ къух,
искæй æвджид ныллæууынмæ тагъд
кæны.
19 Хъаугъатæ уарзæг тæригъæд уарзы,
йæхи чи стауы, уый та ’рхауынмæ
бæллы.
20 Сайæгой зæрдæ хорзæй ницы
фендзæн,
мæнгард æвзаг фыдбылызы
бахаудзæн.
21 Æдылыйы ныййарæг — додойаг,
зондцухы фыд цин нæ кæны.
22 Зæрдæйы цин — æвдадзы хос,
æрхæндæг зæрдæ стджытæ бахус
кæны.
23 Æнæхуыцау фæччийы бынæй гæртæмттæ исы,
цæмæй раст тæрхон сзыгъуыммæ
кæна.
24 Зондджынæн йæ цæстæнгас — уæлзонды ’рдæм арæзт,
æдылыйы цæстытæ зæххы кæрæттыл
зилынц.
25 Æдылы фыртыл йæ фыд хъынцъым
кæны,
йæ ныййарæг мадæн — масты хос.
26 Хорз нæу æнаххосы ’фхæрын
кæнæ номджын лæджы рæстдзинады
тыххæй нæмын.
27 Бирæзонаг ныхас кæны хъавгæйæ,
зондджын фидарзæрдæ у.
28 Æдылыйы дæр, куы ницы сдзура,
уæд куырыхоныл банымайдзысты,
йæ дзыхыл куы хæца, уæд искæмæ
зондджын фæкæсдзæн.

**18** Хивæнд, йæхи цы фæнды, уый кæны,
раст уынаффæ куы фехъусы, уæд та
загъд ракъахы.
2 Æдылы хъуыды кæнын нæ уарзы, фæлæ йын
йæхи зондджынхуызæй равдисын
йеддæмæ мацы ратт.
3 Фыдгæнæджы фæдыл цæуы æлгъ,
æнаккаджы фæдыл — худинаг.
4 Адæймаджы ныхæстæ — арф доны
’нгæс;
уæлзонды донгуырæн цæугæдонау
кæлы.
5 Фыдгæнæгæн æхххуыс кæнын æмæ
рæстуды раст тæрхонæй æнæхай кæнын хорз нæу.
6 Æдылыйы ’взаг загъд къахы,
йæ дзыхы тыххæй над баййафы.
7 Æдылыйæн йе ’взаг — йæ сафæг,
йæ бырынкъ — йæ ахсæн хыз.

8 [Зивæггæнаг тæрсгæ-ризгæйæ цæры,
буц ахуыр сыдæй мæлдзæни.]
9 Фыдæвзаджы ныхæстæ адджинаджы
хуызæн
адæймагæн йæ хуылфмæ бахизынц.
10 Зивæггæнаг кусæг дæрæнгæнæгæй
уæлдай нæу.
11 Дунедарæджы ном — фидар мæсыг,
рæстуд дзы бамбæхсдзæн æмæ уы-
дзæн æдас.
12 Хъæздыгæн йæ исбон — йæ фидар
мæсыг,
бæрзонд сисау æм кæсы.
13 Æрхауыны размæ фæзыны
æнæвværсондзинад,
кадæн йæ разæй — сæрныллæгдзинад.
14 Ныхасмæ кæронмæ ма байхъус, афтæ-
мæй дзуапп ратт —
уый æдылыдзинад æмæ худинаг у.
15 Лæг удвидар куы уа,
уæд йæ буар дæр низы ныхмæ фидар
уыдзæн,
фæлæ зæрдæсаст куы уа,
уæд ын хъару чи ратдзæн?
16 Зондджыны зæрдæ йæ зондыл
æфтауы,
куырыхонты хъустæ агурынц зонынад.
17 Лæвæрттæ адæймагæн уæрæх фадæт-
тæ байгом кæнынц,
стыр хицæуттæм ын фæндаг раттынц.
18 Тæрхондоны ныхасы бар фыццаг кæ-
мæ ’рхауы,
уый растдæр фæзыны,
цалынмæ йæ ныхмæлæууæг не
’рбацæуы
æмæ йæ не ’рфæрсы, уæдмæ.
19 Хæлттæ куы сæппарай, уæд хъаугъа
банцайдзæн,
дыууæ тыхджын ныхмæлæууæджы
фæйнæрдæм ацæудзысты.
20 Тæргай æфсымæр — æнæбаххæсгæ
мæсыг,
хыл — кулдуары æвдузæн.
21 Адæймаг йæ ныхæсты фарнæй
æфсæды,
йе ’взагæй цы спайда кæна, уымæй
бафсæддзæн.
22 Цард дæр æмæ мæлæт дæр — æвза-
джы дæлбар,
йемæ хæларæй чи цæры, уый йын йæ
дыргъыты ад базондзæн.
23 Йæхицæн бинойнаг чи ссардта,
уый — фæрнджын,
Дунедарæджы хорзæхæй схайджын
ис.
24 Мæгуыр адæймаг ныхас кæны
лæгъстæхуызæй,
хъæздыг та гуырымыхъ дзуапп
ратты.
25 Иуæй-иу æрдхæрдтæ æрмæст фыдбы-
лызы хос сты,
фæлæ вæййы æфсымæрæй æнувыд-
дæр хæлар.

**19** Сыгъдæгзæрдæйæ чи цæры, уыцы
мæгуыр лæг
æдылы фæлитойæ — хуыздæр.
2 Æнæ зонынадæй зæрдæйæн зын у,
тагъд чи кæны, уый та фæкæлдзæнис.
3 Адæймагæн йе ’дылы зонды аххосæй
йæ фæндаг ныссуйтæ вæййы,
мæсты та Дунедарæгмæ фæкæны.
4 Хъæздыгдзинад æрдхæрдты нымæц
фæфылдæр кæны,
мæгуыр лæджы та йæ лымæн дæр
ныууадзы.
5 Мæнгæвдисæн æнæ ’фхæрдæй нæ
баззайдзæн,
фæлитой нæ фервæздзæн.
6 Стыр хицæутты раз козбау митæ би-
рæтæ фæкæнынц,
лæвæрттæ чи кæны, уымæн алчидæр
йе ’рдхорд у.
7 Мæгуыр лæг йе ’фсымæртæн
дæр — æнæуынон,
йе ’мбæлттæ дзы сæхи хизынц:
куы сæм фæсиды, уæд æрбайсæфынц.
8 Зондагурæг чи зилы, уый йæ удыл
тыхсы;
уæлзонд чи хъахъхъæны, уый фарн
ссары.
9 Мæнгæвдисæн æнæ ’фхæрдæй нæ
баззайдзæн,
фæлитойæн йе сæфт æрцæудзæн.
10 Æдылыйыл нæ фидауы
фырхъæздыгдзинад,
цагъар æлдæрттæн хицау суа, уый
та — уæлдайдæр.
11 Зондджын йæ маст уромын зоны;
искæмæн йæ рæдыд куы ныббары,
уæд йæхицæн кад кæны.
12 Паддзахы маст — домбайы рыхын,
йæ хорзæх та, цыма кæрдæгыл æртæх
æрызгъæлы, уыйау.
13 Æдылы лæппу йæ фыды фенамонд
кæны;
зындзæрин ус — хуынкъ цары ’нгæс.
14 Хæдзар æмæ хъæздыг исбон —
ныййарджыты бынтæ,
зондджын усы та Дунедарæг ратты.

15 Адæймаджы йæ зивæг
хуыссæгхъæлдзæг скæны,
зивæггæнаг стонг æййафдзæнис.
16 Хуыцауы фæдзæхст чи æххæст кæны,
уый йæ цард хъахъхъæны,
йæ цардвæндагмæ куыдфæндыйы
цæстæй чи кæсы,
уый та фесæфдзæн.
17 Мæгуыр лæгæн чи æххуыс кæны,
уый Дунедарæгæн æфстау дætты,
йæ хорздзинад ын Дунедарæг
бафиддзæн.
18 Дæ фырты, цалынмæ нæма байрæджы,
уæдмæ ’фхæргæ кæн, ма йæ фесаф.
19 Мæстыгæр уадз æмæ ’фхæрд баййафа,
куы йын ныббарай, уæд æвзæрдæр
уыдзæн.
20 Уынаффæмæ куы хъусай æмæ
зондамынд дæ зæрдæмæ куы айсай,
уæд фидæны куырыхон суыдзынæ.
21 Адæймаджы зæрдæйы бирæ фæндтæ
ис,
фæлæ, æрмæстдæр Дунедарæг цы
сфæнд кодта,
уый сæххæст уыдзæн.
22 Адæмы ’хсæн иузæрдыгдзинад кад-
джын у;
мæгуыр лæг фæлитойæ — хуыздæр.
23 Дунедарæгæй тас цардмæ кæны,
уыцы тасæй йемыдзаг чи у,
уый фынæй кæны æнæмæтæй,
фыдбылыз æм нæ баххæсдзæн.
24 Зивæггæнаг хæринаджы тæбæгъы йæ
къух нытътъыссы,
фæлæ йæ дзыхмæ схæссын зивæг
кæны.
25 Æдзæсгомæн куы бауайдзæф кæнай,
уæд æнæхинтæ раст зондмæ
раздæхдзысты;
зондджынæн бауайдзæф кæн,
æмæ ма йæ зондыл ноджыдæр
бафтдзæн.
26 Йæ фыды хæдзар чи сафтид кæны
æмæ йæ ныййарæг мады чи суры,
уыцы лæппу — æгад æмæ фидиссаг.
27 Мæ лæппу! Зондамындмæ куынæ
хъусай,
уæд æнæ бацамындæй фæдзæгъæл
уыдзынæ.
28 Мæнгæвдисæн тæрхондонæй хын-
джылæг кæны,
æнæхуыцау тæригъæдтæй æфсæды.
29 Æдзæсгом æнæ тæрхонæй нæ
баззайдзæн,
æдылыйы рагъ та — æнæ надæй.

# 20

Сæн — хынджылæггæнаг,
арахъхъ — нæрæмон,
чи сыл фæцалх ис, уый æдылы у.
2 Паддзахы маст — домбайы рыхын,
дæхиуыл æй куы бафтауай,
уæд дæ тæригъæд дæхи ныхмæ
рацæуздзæн.
3 Хъаугъатæй йæхи дард чи ласы, уы-
мæн уый — кады хос,
алы зондцух та загъд къахынмæ гæп-
пæй лæууы.
4 Зивæггæнаг йæ афоныл хуым нæ кæны
æмæ хуымгæрдæн афон ницы ссары.
5 Адæймаджы фæндтæ йæ зæрдæйы
денджызау арф сты,
фæлæ сæ зондджын раргом кæны.
6 Иузæрдион хæлæрттыл сæхи бирæтæ
нымайынц,
фæлæ æууæнкджын адæймаджы кæм
ссардæуа?
7 Рæстуд сыгъдæгзæрдæйæ цæры,
йæ байзæддæгтæн тæхудиаг у сæ
фидæн.
8 Паддзах тæрхон кæнынмæ куы ’рба-
ды, уæд йæ цæстæнгасæй
алы ’взæрдзинад дæр дымгæмæ
ныддары.
9 Кæй бон у зæгъын: «Мæ зæрдæ сыгъ-
дæг у,
мæ тæригъæдтæй ссыгъдæг дæн?»
10 Сайаг барæнтæ, сайаг уæзбарæнтæ —
сæ иу дæр æмæ сæ иннæ дæр æлгъаг у
Дунедарæджы раз.
11 Адæймаг æрыгонæй дæр йæ митæй
бæрæг вæййы —
йæ хъуыддæгтæ сыгъдæг æмæ цæс-
гомджын сты æви нæ.
12 Хъусгæ цы хъус кæны æмæ уынгæ цы
цæст кæны —
иу дæр æмæ иннæ дæр Дунедарæг
сфæлдыста.
13 Кæд фынæй кæнын уарзыс, уæд мæ-
гуырмæ ’рцæуздзынæ,
дæ цæстытæ ма бацъынд кæн æмæ
æфсæст уыдзынæ.
14 «Ницæйаг дзаума у!» — фæзæгъы æл-
хæнæг уæйгæнæджы раз,
куы адард вæййы, уæд та йе ’лхæдæй
феппæлы.
15 Дунейы ис сыгъзæрин, ис
налхъуыт-налмастæ,
фæлæ уыдонæй зынаргъдæр — бирæ-
зонаг æвзаг.
16 Æнæзонгæ адæймаджы тыххæй йæ
сæр лыгмæ чи ратта,

уымæн фæстагмæ йæ дарæс дæр ласт
æрцæуудзæн,
искæй усы ’вджид чи ныллæуа, уымæн дæр — афтæ.
17 Сайæн миты фæрцы цы хойрагыл фæхæст уай,
уый хæрзад вæййы, фæлæ фæстæдæр
дæ дзых змисæй байдзаг уыдзæн.
18 Фæндтæ кæнгæйæ, искæимæ уынаффæ кæн;
тæрхæтты фæстæ тохы бацу.
19 Фыдæвзаг искæй сусæгтæ рахъæр
кæны —
дзæгъæлдзыхæй дæхи хиз.
20 Йæ фыд æмæ йæ мады чи ’лгъиты,
уымæн саудалынджы йæ царды рухс
ахуысдзæн.
21 Кæрæфæй цы бынтыл ныххæлоф
кæнай,
уыдон арфæгонд нæ уыдзысты.
22 Ма дзур: «Æз мæ маст райсдзынæн!»
Дæхи Дунедарæджы бар бакæн,
æмæ дæ Уый фыдбылызæй бахиздзæн.
23 Сайаг уæзбарæнтæ Дунедарæджы раз
æлгъаг сты,
æхцон Ын не сты, сайгæ цы барæнтæ
кæнынц, уыдон.
24 Адæймагæн йæ къахдзæфтæ Дунедарæг аразы,
адæймаг та йæ фæндаг куыд бамбара?
25 Адæймаг ард бахæрыныл куы фæтагъд кæна
кæнæ, хъуыды нæ акæнгæйæ, искæмæн зæрдæ куы бавæра,
уæд къæппæджы бахаудзæн.
26 Зондджын паддзах æнæхуыцæутты
дымгæмæ ныддары, найгæнæнæй сæ
бассæнды.
27 Адæймаджы мон — Дунедарæджы
цырагъ,
цæрдхуынкъæй йæ рухсдзыд скæны.
28 Паддзахы хъахъхъæнынц хæрзаудæн
æмæ æцæгдзинад,
йæ паддзахы бадæны ’рфидар вæййы
иузæрдиондзинады фæрцы.
29 Лæппуйы кад — йæ хъару,
зæронд лæг та йæ урс сæрæй фидауы.
30 Адæймаджы йæ цæфтæ фыддзинадæй ссыгъдæг кæнынц,
над йæ зæрдæмæ арф бахъары.

**21** Паддзахы зæрдæ Дунедарæджы къухы ис,
цæугæдонау æй, кæцырдæм Æй фæнды, уырдæм здахы.
2 Адæймагмæ йæ алы фæндаг дæр раст
фæкæсы,
фæлæ Дунедарæг зæрдæтæ фæлвары.
3 Раст æмæ рæстаг хъуыддæгтæ
Дунедарæгæн нывæндтæй æхсызгондæр сты.
4 Æнæрвæссон бакаст æмæ сæрыстыр
зæрдæ
æнæхуыцауæн цырагъы хуызæн сты,
фæлæ уый тæригъæд у.
5 Æнувыд адæймаг — фæрныг;
талф-тулфæй чи архайы, уый та æрмæст хъуаг æййафдзæн.
6 Мæнгдзинады фæрцы йæхицæн мулк
чи самал кæны,
уый тагъдивгъуыйаг уддзæфы, мæлæты фæдыл зилы.
7 Æнæхуыцæутты сæ фыдбылызтæ
фесафдзысты,
уымæн æмæ раст хъуыддæгтæ кæныныл не сразы сты.
8 Фæлитой галиу фæндагыл цæуы,
сыгъдæгзæрдæйæн йæ хъуыддæгтæ
сты æууæнкджын.
9 Фыдсылимæ цæрыны бæсты
фæлтау уæлхæдзары кæрон цæр.
10 Æнæхуыцау фыддзинадмæ бæллы,
йæ хионыл дæр нæ ауæрды.
11 Æдзæсгомы куы бафхæрай,
уæд æнæхинтæ фæзондджындæр
уыдзысты;
куырыхонæн зонд бацамон,
æмæ йæ зондыл бафтдзæнис.
12 Раст Хуыцау йæ цæст дары æнæхуыцауы хæдзармæ:
æнæхуыцауыл фыдбылыз æруадзы.
13 Мæгуыр лæджы тæригъæддаг хъæр
фехъусгæйæ,
йæхи чи никъкъуырма кæны,
уый йæхæдæг дæр искæд бон хъæр
кæндзæн,
фæлæ йæ ничи фехъусдзæн.
14 Сусæг лæвар маст басабыр кæны,
фæччийы бын цы гæртам æмбæхст ис,
уый хъæхъхъаг маст дæр бауромы.
15 Раст тæрхон рæстудæн — цины хос,
фыдгæнæг та дзы тæрсгæ кæны.
16 Раст фæндагæй чи адзæгъæл ис,
уый мæрдты ’хсæн йæ бынат
ссардзæн.
17 Йæ рæстæг цинты ’рвитын чи уарзы,
уымæн цæрæн фæрæзтæ нæ фаг
кæны;
сæн æмæ зынаргъ сæрдæнтæ чи
уарзы,

уый не схъæздыг уыдзæн.
18 Раст лæгæн йæ
ахæстаргъ — æнæхуыцау,
цæсгомджынæн та — фæлитой.
19 Æнæзонд æмæ загъдæргом усимæ
цæрыны бæсты
фæлтау æдзæрæг быдыры
иунæгæй цæр.
20 Куырыхоны хæдзары зынаргъ æвæ-
рæнтæ æвидигæ сты,
æдылы та сæ ʼнæвгъауæй хардз кæны.
21 Раст фæндагмæ æмæ уарзондзинад-
мæ чи тырны,
уый ссардзæнис цард дæр, раст фæн-
даг дæр æмæ кад дæр.
22 Куырыхон бæгъатырты сахар
басæтдзæн,
сæ зæрдæ цы фидарыл дарынц,
уый сын ныззыгуым кæндзæн.
23 Йæ дзыхыл хæцын чи зоны,
уый йæхи фыдбылызтæй хъахъхъæны.
24 Къæйных æмæ ʼнæввæрсон адæймаг,
йæ ном «æдзæсгом» кæмæн у, уымæн
йæ къæйныхдзинад у нæрæмон.
25 Зивæггæнаджы йæ фæндтæ
фесафдзысты,
уымæн æмæ йæ къухтæ кусын нæ
уарзынц;
26 алы бон дæр йæ монцтæй фæлмæцы,
рæстуд та æвæсмонæй, цы йæм ис,
уый байуары.
27 Æнæхуыцæуттæн сæ нывæндтæ æл-
гъаг сты,
уæлдайдæр та — фыдвæндтимæ кæй
æрбахæссынц, уыдон.
28 Мæнгæвдисæн фесæфдзæн,
фæстаг ныхасы бар æрхаудзæн,
алцы чи фехъуыста, уымæ.
29 Æнæхуыцауæн йæ хуыз къæйных у,
рæстуд йæ фæндагыл фидар хæцы.
30 Зонд дæр, уæлзонд дæр æмæ уынаф-
фæ дæр
Дунедарæджы раз ницы сты.
31 Тохы бонмæ бæх æрцæттæ кæнынц,
фæлæ уæлахиз Дунедарæг ратты.

**22** Хорз ном — мулкæй бæллиццагдæр;
хорзы кой — сыгъзæрин æмæ ʼвзистæй
хуыздæр.
2 Хъæздыг æмæ мæгуыр фæрсæй-
фæрстæм æрлæудзысты,
уымæн æмæ сæ дыууæйы дæр Дуне-
дарæг сфæлдыста.
3 Зондджын фыдбылыз рагацау уыны
æмæ йæхи æрæмбæхсы,
æнæхин та йæ фæндагыл æмраст
ацæуы
æмæ æфхæрд баййафы.
4 Сæрныллæгдзинад æмæ Дунедарæ-
джы тас —
сæ фæдыл цæуынц хъæздыгдзинад,
цыт æмæ цард.
5 Мæнгард лæгæн йæ фæндагыл — сын-
дзытæ æмæ ахсæн хызтæ,
йæ цард чи хъахъхъæны, уый сæм
хæстæг нæ цæуы.
6 Лæппуйæн раст фæндаг куы
бацамонай,
уæд дзы зæрондæй дæр иуварс нæ
фæзилдзæн.
7 Хъæздыг мæгуыр лæгæн — йæ хицау,
хæсджын та, хæс кæмæй дары, уы-
мæн — йæ цагъар.
8 Фыдракæндтæ чи тауы, уый фыдбы-
лызы бахаудзæн,
йæ фыдæхы лæдзæг æвæдæй
фесæфдзæн.
9 Хæларзæрдæ адæймаг арфæгонд
уыдзæн,
уымæн æмæ йæ къæбæрæй мæгуыр
лæгæн хай ратты.
10 Æдзæсгомы куы атæрай, уæд хъаугъа
банцайдзæн,
загъд æмæ ʼлгъыст басабыр уыдзысты.
11 Сыгъдæгзæрдæйæ цæрын чи уарзы
æмæ йæ дзыхы ныхас æхсызгон кæ-
мæн у,
уымæн паддзах йе ʼмбал уыдзæн.
12 Дунедарæг хъахъхъæны æцæгдзинад,
æууæнкхорæн йæ ныхæсты мæнгдзи-
над равдисы.
13 Зивæггæнаг хъæр кæны:
«Уынджы — домбай!
Куыддæр хæдзарæй рацæуон, афтæ ме
сæфт æрцыд!»
14 Искæй усы ʼвзаг — арф сæрсæфæн,
Дунедарæг кæй ралгъита, уый дзы
ныххаудзæн.
15 Лæппу фыдуаг митыл куы сагъуыйы,
уæд, цæмæй йе ʼдылы зонд ныууадза,
уый тыххæй йæ уисæй нæмын хъæуы.
16 Мæгуыр лæджы ʼфхæргæйæ, йæ исбо-
ныл чи ʼфтауы,
хъæздыгæн та лæвæрттæ чи кæны,
уый мæгуырмæ ʼрцæудзæнис.

17 Дæ хъус æрбадар æмæ куырыхонты
ныхæстæм байхъус,
мæ зондамындмæ мын де ʼргом
раздах:

18 уыдон дын дæ зæрдыл дарын
æхсызгон уыдзæн,
уадз, æдзухдæр де 'взагыл бадой.
19 Цæмæй Дунедарæг
дæ зæрдæдарæн суа,
уый тыххæй дын сæ абон
хъусын кæнын.
20 Æз дын ныффыстон дæс æмæ ссæдз
æмбисонды,
уынаффætæ æмæ зонындзинæдтæ
дзы ссардзынæ,
21 цæмæй сахуыр уай æцæгдзинады
ныхæстыл
æмæ дæ хицæуттæн дæ бон дзуапп
раттын уа.
22 Мæгуыр лæджы, мæгуыр кæй у, уый
тыххæй ма бастигъ,
кулдуары раз ма бафхæр гæвзыччы,
23 уымæн æмæ Дунедарæг сæ хъасты
рахæцдзæн сæ сæрыл,
чи сæ бастыгъта, уыдоны цардцух
фæкæндзæн.
24 Мæстыгæримæ ма лымæн кæн,
загъдæргомæй дæхи дард лас,
25 науæд йæ фæндæгтыл цæуын сахуыр
уыдзынæ
æмæ къæппæджы аирвæздзынæ.
26-27 Искæй тыххæй дæ сæр лыгмæ ма
дæтт,
искæй æвджид ма ныллæу —
цы бафидай, уый дæм куынæ уа,
уæд ма дын дæ хуыссæнтæ дæр дæ
бынæй раласдзысты.
28 Дæ фыдæлтæ арæнæн цы дур
сæвæрдтой,
уый йæ бынатæй ма фезмæлын кæн.
29 Йæ куысты дæсны чи у,
ахæм адæймаджы искуы федтай?
Уый лæггад кæны паддзæхтæн,
хуымæтæг адæммæ хæстæг нæ цæуы.

**23** Бæстæйы хицауимæ иу фынгыл хæрынмæ куы 'рбадай,
уæд, дæ разы цы ис, уымæ лæмбынæг
кæс:
2 кæд гуыбындзæл дæ, уæд дæ хъуырыл
кард сæвæр,
3 йæ мондаггæнæнтæм ын ма сцыбæл у,
уымæн æмæ уыцы хойраг мæнг у.
4 Хъæздыгдзинады фæдыл ма згъор,
кæд æрлæууын хъæуы, уый зон;
5 хъæздыгдзинад, куыддæр æм бакæсай, афтæ æрбайсæфы,
цæргæсау айтындзы йæ базыртæ æмæ
уæлæрвтæм атæхы.
6-7 Чъынды лæгимæ иу фынгыл ма бад,
йæ дзаджджын хæринæгтæм ын ма
хæлæг кæн,
уымæн æмæ йæ зæрдæ у гуыдырæй
æхгæд.
Зæгъдзæн дын: «Хæр æмæ нуаз»,
йæ хъуыдытæ та æндæр уыдзысты.
8 Дæ комдзаг фæстæмæ сомдзынæ,
дæ хорз ныхæстæ уæлдæфы
ацæудзысты.
9 Зондцухæн мацы дзур —
дæ зондджын ныхæстыл дын æрмæст
фæхуддзæнис.
10 Рагон арæны дур ма фезмæлын кæн,
сидзæрты хуыммæ ма бахъав,
11 уымæн æмæ сæ Фарсхæцæг тыхджын
у,
æмæ дæ ныхмæ рацæудзæн сæ
хъасты.
12 Дæ зæрдæ зондамындмæ здах,
дæ хъустæ зонынадмæ 'рбадар.
13 Дæ лæппуйы æнæ 'фхæрдæй ма
ныууадз;
уисæй над куы баййафа, уæд нæ
амæлдзæн:
14 уисæй йæ бафхæрдзынæ,
фæлæ йæ мæрдтыбæстæй фервæзын
кæндзынæ.
15 Мæ лæппу, куырыхон куы уай,
уæд мæ цинæн кæрон нæ уыдзæн;
16 раст ныхас дæ куы хъуыса,
уæд мæ зæрдæ фыр цинæй райдзæн.
17 Тæригъæдджынтæм хæлæг ма кæн,
Дунедарæджы раз дæм тас уæд
кæддæриддæр —
18 уымæн æмæ дæуæн ис фидæн,
дæ зæрдæдарæн сæфт нæу.
19 Мæ лæппу, хъусгæ кæн æмæ куырыхон у,
дæ зæрдæ раст фæндагмæ сараз.
20 Сæнæй йæ мондæгтæ чи исы
æмæ дзидза фырхæрд чи кæны,
уыдоны 'хсæнмæ ма цу,
21 уымæн æмæ расыггæнаг æмæ гуыбындзæл мæгуырмæ 'рцæудзысты,
дæ зивæджы тыххæй бызгъуырты
цæудзынæ.
22 Хъус дæ фыдмæ, уымæн æмæ дын
цард уый радта,
дæ ныййарæг мад куы базæронд уа,
уæд дæр ыл æлгъ ма кæн.
23 Æцæгдзинад агур, уæлзонд, зондамынд æмæ
зонды хæзнатæ ма ауæй кæн.
24 Рæстуды фыд фыр цинæй райы,

куырыхоны ныййарæг йæ цинæн кæрон нæ ары.
25 Дæ фыд æмæ дæ мады зæрдæтæ фыр цинæй райæнт,
сæ цины хъæртæ райхъуысæнт!
26 Мæ лæппу, ме 'рдæм раздах дæ зæрдæ,
дæ цæстæнгас мæ фæндæгтæм сараз.
27 Хъахбай сылгоймаг — арф сæрсæфæн,
искæй ус — уынгæг цъай.
28 Абырæгау рæсæны бады æмæ нæлгоймæгты 'хсæн,
сайдæй чи цæуы, ахæмты нымæц парахат кæны.
29 Кæмæн хъуысынц сæ кæуын æмæ сæ хъæрзын?
Загъд æмæ судзаг хъаст чи кæны?
Кæмæн сцъæхтæ ис йæ буар?
Йæ цæстытæ кæмæн ныссырх сты?
30 Сæн нуазыныл чи бафтыд,
алы хъацæнтæ цы сæныл конд ис,
ахæм сæны фæдыл чи зилы, уыдонæн.
31-32 Ма сцыбæл у, нуазæн кæхцы сæн куыд сырх кæны,
куыд хъазы æмæ куыд æнцон нуазæн у, уымæ.
Уый фæстæ дыл калмау фæхæцдзæнис,
йæ марг дæ бауадздзæн хуссайраг калмау.
33 Искæй устытæм бакæс-бакæс кæндзынæ,
дæ зæрдæйы чъизи хъуыдытæ фæзындзæн.
34 Денджызы астæу кæнæ наухъилы цъуппыл
чи бафынæй ис, уый хуызæн суыдзынæ.
35 Зæгъдзынæ: «Надтой мæ, фæлæ мын нæ рысти,
хостой мæ, фæлæ йæ не 'мбæрстон,
куы фæфынæй кæнон, уæд та ногæй нозтагур зилдзынæн».

**24** Фыдзæрдæтæм хæлæг ма кæн æмæ се 'хсæнмæ ма тырн,
2 уымæн æмæ сæ хъуыдыты фыдвæндтæ йеддæмæ ницы ис,
фыдбылызты кой фæкæнынц.
3 Хæдзар арæзт æрцæуы уæлзонды фæрцы
æмæ сфидар вæййы раст зондæй,
4 зонынады руаджы йæ уæттæ байдзаг вæййынц
зынаргъ æмæ рæсугъд исбонæй.
5 Куырыхон — тыхджын,
бирæзонаг — хъомысджын.
6 Тохы куы бацæуай, уæд уынаффæтæм хъус,
уынаффæгæнджытæ бирæ кæм уа, уым — уæлахиз.
7 Æдылы не 'ххæссы уæлзондмæ,
сахары кулдуары цур йæ дзыхæй хъыпп-сыпп не схауы.
8 Фыдвæндтæ чи аразы, уый фыдвæндгæнæг схондзысты.
9 Æдылыйы фæндтæ — тæригъæдджын,
æдзæсгомыл адæм æлгъ кæнынц.
10 Бæллæхы заман кæд лæмæгъ разындтæ,
уæд хъаруйæ мæгуыр дæ.
11 Марынмæ кæй фæкæнынц, уыдоны фервæзын кæн,
сæфты къахыл чи лæууы, уыдонæй дæхи ма аиуварс кæн.
12 Ды зæгъдзынæ: «Æмæ мах уый тыххæй куы ницы зыдтам!»
Фæлæ зæрдæтæ Фæлварæг, ау, ницы зоны?
Дæ цард Хъахъхъæнæг зоны алцыдæр,
алкæмæн дæр йæ хъуыддæгтæм гæсгæ бафиддзæн.
13 Мæ лæппу, мыд хæр, уымæн æмæ мыд хорз у,
мыды фæзгъæртæ дын дæ дзых садджын кæндзысты.
14 Уæлзонд дæр ахæм у дæ удæн,
кæд æй ссарай, уæд дын ис фидæн,
дæ зæрдæдарæн сæфт нæ уыдзæн.
15 Æнæхуыцау! Рæстуды хæдзары раз асадæны ма бад,
йæ хæдзар ын ма сафтид кæн,
16 уымæн æмæ рæстуд авд хатты куы 'рхауа, уæд дæр сыстдзæнис,
æнæхуыцæуттæ та фыдбылызæй фесæфдзысты.
17 Де знаг куы 'рхауа, уæд ма цин кæн
æмæ, куы фækæла, уæд дæ зæрдæ ма райæд,
18 уымæн æмæ, Дунедарæг уый куы фена,
уæд Ын æхсызгон нæ уыдзæн, æмæ дзы Йæ маст аздахдзæн.
19-20 Фыдгæнджытæм ма мæсты кæн,
æнæхуыцæуттæм хæлæг ма кæн,
уымæн æмæ фыдгæнæгæн фидæн нæй,
æнæхуыцæуттæн сæ цырагъ ахуысдзæн.
21 Мæ лæппу, Дунедарæгæй æмæ паддзахæй тæрс,
дæхи хиз змæнтджытæй,

22 уымæн æмæ уыдоныл æвиппайды
фыдбылыз æрцæудзæн:
цавæр бæллæх сæ баййафдзæн, уый
ничи зоны.
23 Мæнæ ма ноджыдæр куырыхонты
'мбисæндтæ:
тæрхондоны искæй хъулон кæнын
хорз нæу.
24 Аххосджынæн, раст дæ, зæгъгæ, чи
дзуры,
уый адæмтæ 'лгъитдзысты, знæмтæн
æнæуынон суыдзæнис.
25 Фæлæ азымджыны чи бафхæры,
уыдон æнтыстджын æмæ арфæгонд
уыдзысты.
26 Раст дзуапп чи ратты, уый цыма был-
тæн аба кæны.
27 Раздæр уал дæ кæртмæ базил æмæ дæ
хуымты куыст бакæн,
уый фæстæ дæхицæн хæдзар араз.
28 Хионы ныхмæ мæнгæвдисæн ма
ныллæуу —
сайæн ныхас ма схауæд дæ дзыхæй.
29 Афтæ ма зæгъ: «Уый мын куыд
бакодта,
æз дæр ын афтæ бакæндзынæн,
йæ хъуыддæгтæм гæсгæ йын
бафиддзынæн».
30 Иу хатт фæцæйцыдтæн магусайы ху-
ымы цурты,
æнæзонд адæймаджы сæндоны
рæзты.
31 Йæ зæхх какон сындзытæй байдзаг,
хæмпæлгæрдæджы бын фæцис,
дурæй амад гæрæн ныккалди.
32 Æз кастæн æмæ хъуыды кодтон,
мæнæ цы федтон æмæ бамбæрстон:
33 иу чысыл афынæй кæндзынæ,
чысыл арæдзæ-мæдзæ кæндзынæ,
иу чысыл ницы кусгæйæ абаддзынæ,
34 æмæ дæм дзæгъæлдзуйау фæзындзæн
гæвз,
абырæгау — мæгуырдзинад.

**25** Мæнæ Соломоны иннæ æмбисæндтæ,
æрæмбырд сæ кодтой Иудейы паддзах
Езекиайы барджынтæ.
2 Кадджын у Хуыцау — сусæгтæ
'мбæхсæг,
цытджын у паддзах — сусæгдзинæд-
тæ сгарæг.
3 Арвы бæрзæндты, зæххы арфы
æмæ паддзахы зæрдæйы цы ис, уый
зонд нæ ахсы.
4 Æвзист ссыгъдæг кæн,
æмæ зæрингуырд мигæнæн
сараздзæн;
5 æнæхуыцауы паддзахы цурæй аиу-
варс кæн,
æмæ йæ паддзахы бадæн раст зонды
фæрцы сфидар уыдзæн.
6 Паддзахы раз схъæл ныхæстæ ма кæн,
стыр хицæутты æмрæнхъ ма æрлæуу.
7-8 Фæлтау дын зæгъæд: «Уæлдæр схиз»,
уæздæтты раз дæ фегад кæныны
бæсты.
Дæхи цæстæй цы фенай,
уый тæрхондонмæ рахæссынысл тагъд
ма кæн,
науæд уый фæстæ цы фæуыдзынæ,
дæ хион дæ куы фæхудинаг кæна,
уæд?
9-10 Дæ хионимæ тæрхон кæн æрмæст дæ-
хи хъуыддаджы фæдыл,
искæй сусæгдзинад ма раргом кæн,
науæд, чи дæ фехъуса,
уый дын дæхи фæхудинаг кæндзæн,
æмæ фидиссаг фæуыдзынæ.
11 Æвзист тæбæгъы —
сыгъзæрин фæткъуытæ —
уыдоны 'нгæс у афоныл загъд ныхас.
12 Сыгъзæрин хъусцæг, сыгъдæг сыгъзæ-
ринæй конд фæлындæн —
уыдоны 'нгæс у куырыхоны уайдзæф,
лæмбынæг чи фæхъусы, уымæн.
13 Хуымгæрдæнты тæмæны —
уазал мит —
уый æнгæс у æууæнкджын минæвар
йе 'рвитæгæн;
йæ хицауы зæрдæ дзы райы.
14 Мигътæ æмæ дымгæ æнæ къæвдайæ —
уыдоны 'нгæс у, кæй нæ ракодта,
ахæм лæвæрттæй чи феппæлы, уыцы
адæймаг.
15 Бирæбыхст хицауы зæрдæ æртасын
кæны,
фæлмæн ныхас стджытæ дæр сæтты.
16 Мыд куы ссарай, уæд дзы æрмæст,
цас дæ хъæуы, уый бæрц бахæр;
фырхæрд дзы куы бакæнай,
уæд дæ зæрдæ схæццæ уыдзæн.
17 Де 'рдхорды хæдзармæ æгæр арæх ма
цу,
науæд дæ куы стыхса, уæд ын æнæуы-
нон суыдзынæ.
18 Йæ хионы ныхмæ мæнгæвдисæн чи
ныллæууы,
уый у старц, кард æмæ цыргъ фаты
'нгæс.
19 Æмбыд дæндаг кæнæ къуылых къах —

мæнгардыл дæр бæллæхы бон уыдо-
нау зæрдæ дарæн нæй.
20 Фæнды уазал бон дæ дарæс лас,
кæнæ содæйыл дзымари ныккал,
фæнды ’нкъард зæрдæйæн
зарджытæ кæн.
21 Кæд де знаг æххормаг у,
уæд ын дзул ратт,
кæд дойныйæ мæлы,
уæд æй донæй бафсад.
22 Афтæмæй йын ды йæ сæрыл судзгæ
’взалытæ ’мбырд кæныс,
дæуæн та Дунедарæг дæ хорздзинад
бафиддзæн.
23 Цæгатаг дымгæ йемæ ’рбахæссы
къæвда,
мæнгдзурæджы ’взаг та — мæсты
цæсгæмттæ.
24 Фыдсылимæ цæрыны бæсты
фæлтау уæлхæдзары кæрон цæр.
25 Дойныйæ чи мæлы, уымæн уазал дон
нуазын куыд æхсызгон у,
афтæ ’хцон у хорз уац дард бæстæй.
26 Æнæхуыцауы раз фыр тæссæй
чи ризы,
уыцы рæстуд у чъизи донгуырæны,
змæст суадоны ’нгæс.
27 Мыдæн йæ бирæ хæрд пайда куыд
нæу,
афтæ ’ппæлæн ныхасмæ бæллын дæр
хорз нæу.
28 Йæхиуыл хæцын чи нæ зоны, уыцы
адæймаг,
йæ систæ цы сахарæн ныккалдысты,
уый хуызæн у.

**26** Сæрдыгон мит куыд нæ хъæуы,
хуымгæрдæн афон — къæвда,
зондцухæн дæр кад кæнын афтæ нæ
фидауы.
2 Сырддонцъиу куыд апæррæст кæны
æмæ зæрватыкк куыд атæхы,
афтæ дзæгъæл æлгъыст дæр дæ рæзты
ацæудзæн.
3 Бæхæн — ехс, хæрæгæн — идон,
æдылыйы рагъæн та — уис.
4 Æдылыйæн зондцухау
дзуапп ма дæтт,
науæд дæхædæг дæр уый хуызæн
суыдзынæ.
5 Æдылыйæн дзуапп ратт æнæзондау,
науæд йæхимæ зондджын кæсдзæн.
6 Фæнды дæ къæхтæ сæ рæбынæй
алыг кæн
кæнæ фыдбылызы бахау,
фæнды дæ хъуыддаг æдылыйæн ба-
бар кæн.
7 Къуылых лæгæн йæ къахайст æмраст
куыд нæу,
афтæ ’мбисæндтæ дæр зондцухы ’вза-
гыл нæ фидауынц.
8 Фæнды дурæхсæныл дур бабæтт,
фæнды æдылыйæн кад кæн.
9 Фæнды расыггæнаг какон сындзыл
ныззæгæл уæд,
фæнды зондцух æмбисæндтæ хæссæд.
10 Æнæзæндты кæнæ кæйфæнды дæр
куыстмæ чи исы,
уый у, фæд-фæдыл се ’ппæты дæр чи
æхсы,
уыцы фатæхсæджы ’нгæс.
11 Куыдз йæ омдзæгтæм куыд раздæхы,
афтæ зондцух дæр йе ’рра митæ нæ
фæуадзы.
12 Искуы, йæхимæ куырыхон чи кæсы,
ахæм адæймагыл сæмбæлдтæ?
Зондцухыл дæр ма зæрдæ дарæн фыл-
дæр ис.
13 Магуса дзуры: «Фæндагыл — домбай!
Уынгты зилы домбай!»
14 Дуар йæ ауындзæнтыл куыд хъеллау
кæны,
афтæ магуса дæр йæ хуыссæны ратул-
батул фæкæны.
15 Зивæггæнаг хæринаджы тæбæгъы йæ
къух нытътъыссы,
фæлæ йæ дзыхмæ схæссын нæ фæразы.
16 Магуса йæхимæ, ахъуыдыгæнгæйæ,
дзуапп чи ратты,
ахæм авд лæгæй зондджындæр кæсы.
17 Искæй хъаугъамæ йæ дзых чи дары,
уыцы фæндаггон,
куыдзæн йæ хъустæм чи лæбуры, уый
хуызæн у.
18 Æдылы судзгæ фæттæ куыд фехсы
æмæ мæлæт куыд тауы,
19 уый æнгæс у, йæ хионы сайгæйæ,
афтæ чи дзуры:
«Æз æрмæстдæр хынджылæг кодтон».
20 Æнæ сугæй арт ахуыссы,
æнæ дам-думтæй хъаугъа банцайы.
21 Тæвдæн — æвзалы, артæн — сугтæ,
загъдæргом та — загъд къахынæн.
22 Дам-думты ныхæстæ
цыбæйлаг хæйттау
адæймагæн йæ хуылфмæ бахизынц.
23 Æлыгæй конд дурын æвзистæй
куы саив кæнай,
раст уый æнгæс сты саузæрдæйы
уарзæгой ныхæстæ.

24 Знаджы ныхас — цурон, йæ зæрдæйы
та хин æмбæхсы.
25 Кæд йæ ныхæстæ 'хсызгон сты,
уæддæр ыл ма бауæнд, — йæ зæрдæ-
йы авд фыдвæнды ис.
26 Йе 'нæуынондзинад цурон митæй
æмбæхсы,
фæлæ уæддæр йæ хæрам адæмы раз
раргом уыдзæн.
27 Уæрм чи къахы, уый дзы йæхæдæг
ныххаудзæн;
дур чи тулы, уый йæхæдæг йæ быны
фæуыдзæн.
28 Фæлитойæн йæ амæттаг — æнæуынон,
сайæгой æвзаг фыдбылыз цæттæ
кæны.

**27** Райсомы бонæй ма раппæл, —
йемæ цы 'рхæсдзæн, уый нæ зоныс.
2 Дæхæдæг ма æппæл дæхицæй,
уадз æмæ дæ 'ндæр исчи раппæла.
3 Дур уæззау у, змис дæр рог нæу,
фæлæ зондцухы митæ — ноджы
уæззаудæр.
4 Маст æгъатыр у, æнцон нæу æхсидгæ
маст уромын,
фæлæ зæрдæхсайдæн чи
ныффæраздзæн?
5 Сусæг уарзтæй æргом
уайдзæф — хуыздæр.
6 Чи дæ уарзы, уымæн йæ уайдзæф
дæр — зæрдиаг;
æнæуынон кæмæн дæ, уымæн та йæ
батæ дæр — гæды митæ.
7 Хæринагæй чи фелгъæд ис,
уый мыды фæзгъæртæ къахæй
ссæнды,
æххормагмæ та маст дæр адджын
кæсы.
8 Йæ райгуырæн къона чи ныууадзы,
уый,
йæ ахстонæй цы маргъ фæхицæн ис,
уый хуызæн у.
9 Сæрдæны хæрздæф æмæ будтæф
зæрдæйæн æхцон сты,
æмбалы зæрдæбын уынаффæ дæр
афтæ 'хсызгон у.
10 Де 'мбæлтты æмæ
дæ фыды 'рдхæрдты ма рох кæн;
уынгæг заман
дæ хæстæджытæм ма цу:
дард æфсымæрæй хæстæг
сыхаг — хуыздæр.
11 Зондджын у, мæ лæппу, мæ зæрдæ дæ
куыд райа, афтæ,
æмæ уæд, ме 'фхæрджытæн цавæр
дзуапп раттон, уый зондзынæн.
12 Зондджын фыдбылыз рагацау уыны
æмæ йæхи æрæмбæхсы,
æнæхин та æмраст йæ фæндагыл
ацæуы æмæ 'фхæрд баййафы.
13 Æнæзонгæ адæймаджы тыххæй йæ
сæр лыгмæ чи ратта,
уымæн йæ дарæс дæр ласт
æрцæудзæн;
искæй усы 'вджид чи ныллæууа, уы-
мæн дæр афтæ.
14 Сæумæрайсом йæ сыхагæн хъæрæй чи
арфæ кæны,
уый æлгъитæгыл банымайдзысты.
15 Фыдрæстæджы къæвда куыннæуал
фенцайы,
загъдæргом ус дæр афтæ:
16 фæнды дымгæ уром кæнæ дæ армы
сой ныхлхъив,
фæнды уый æрсабыр кæныныл архай.
17 Æфсæн æфсæны куыд цыргъ кæны,
афтæ адæм дæр кæрæдзийы æнаип-
дæр кæнынц.
18 Легъуи бæласмæ чи зилы, уый йын йæ
дыргътæй хæрдзæн,
йæ хицауыл чи тыхсы, уый та скад-
джын уыдзæн.
19 Цæсгом доны куыд зыны,
афтæ дæ зæрдæ дæр искæй зæрдæйы
фендзынæ.
20 Мæрдтыбæстæ æмæ зындон æнæфсис
сты,
адæймаджы цæстытæ дæр афтæ.
21 Згъæртайынгæнæн — æвзистæн,
куынцгом — сыгъзæринæн,
лæджы зæрдæ та 'ппæлдæй атайы.
22 Æдылыйы нæмгуытимæ фæхты куы
фæхойай,
уæд дæр дзы йе 'дылы зонд нæ фæхи-
цæн уыдзæн.
23 Дæ фысты нымадæй зон, дæ рæгъæут-
тæм дзæбæх зил,
24 уымæн æмæ хъæздыгдзинад
æнусон нæу
æмæ паддзахы кады худ дæр
алы хатт
иу фæлтæрæй иннæмæ не 'рхауы.
25 Кæрдæг бахус, фæлæ та мæнæ цъæ-
хæй сзынди,
хæххон уыгæрдæнтæ карст
æрцыдысты;
26 уæрыччытæ дын — дарæсæн,
сæныччытæ — зæххы хай
балхæнынæн,

27 сæгъы ’хсыр дæм фаг уыдзæн,
цæмæй дæ бинонты æмæ дæ унæутты
бафсадай.

**28** Æнæхуыцау, куы ничи йæ сура,
уæд дæр лидзгæ кæны,
рæстуд та домбайау хъæбатыр у.
2 Бæстæ змæст куы уа,
уæд ын хицæуттæ бирæ уыдзæн,
фæлæ зондджын æмæ бирæзонаг хицауимæ нæ фæцуддзæн.
3 Мæгуырты чи ’фхæры, ахæм мæгуыр
лæг,
хуымтæ цы къæвда фесафы, уый хуызæн у.
4 Хуыцауы æгъдау чи ферох кодта,
уыдон æнæхуыцæуттæй феппæлынц,
фæлæ, Хуыцауы ’гъдау чи
хъахъхъæны,
уыдон сæ ныхмæ тох кæнынц.
5 Фыдгæнджытæ, рæстдзинад цы у, уый
не ’мбарынц,
фæлæ, Дунедарæджы чи агуры,
уыдон æй æххæстæй бамбардзысты.
6 Сыгъдæгзæрдæйæ чи цæры, уыцы
мæгуыр лæг,
галиу фæндæгтыл чи цæуы, ахæм
хъæздыгæй — хуыздæр.
7 Зондджын лæппу Хуыцауы ’гъдау æххæст кæны,
æнæуагтимæ йæ рæстæг чи ’рвиты,
уый та йæ фыды худинаг кæны.
8 Пайдайыл æхца ’фстау дæтгæйæ, йæ
исбоныл чи ’фтауы,
уый йæ мулк, мæгуыртыл чи ауды,
уымæн æмбырд кæны.
9 Хуыцауы ’гъдаумæ хъусын кæй нæ
фæнды,
уымæн йæ куывд дæр — æлгъаг.
10 Раст адæймаджы галиу фæндагмæ чи
сайы,
уый йæхи къæппæджы бахаудзæн,
сыгъдæгзæрдæ та схайджын уыдзæн
фарнæй.
11 Хъæздыг йæхимæ куырыхон кæсы,
фæлæ йæ зондджын мæгуыр лæг
раиртасы.
12 Рæстуды цинæй алкæй зæрдæ райы;
æнæхуыцау бæрзонд бынатмæ куы
схизы,
уæд та адæм æмбæхсгæ бакæнынц.
13 Йæ тæригъæдтæ чи ’мбæхсы, уый æнтыстджын нæ уыдзæн;
чи сыл басæтты æмæ сæ чи ныууадзы,
уый та уыдзæнис хатыргонд.
14 Дунедарæджы раз æдзухдæр тас кæмæ ис,
уыцы адæймаг тæхудиаг у,
фыдзæрдæ та фыдбылызы бахаудзæн.
15 Рыхæг домбай кæнæ хъæхъхъаг арс —
æвзæр хицау дæр мæгуыр адæмæн
уыдоны ’нгæс у.
16 Бæстæйы хицау цас æдылыдæр уа,
уыйас адæмы фылдæр æфхæры,
фæлæ кæрæфдзинад æнæуынон кæмæн у,
уый хицауиуæг бирæ кæндзæн.
17 Тугныккалды аххосджын чи у,
уый йæ мæлæты бонмæ рахау-бахау
фæкæндзæн.
Чи йæ суазæг кæна, ахæм адæймаджы
макуы ссарæд!
18 Сыгъдæгзæрдæйæ чи цæры, уый æдас
уыдзæн,
галиу фæндæгтыл чи цæуы, уый та
æвиппайды ’рхаудзæн.
19 Йæ зæхх чи кусы, уый æфсæст
уыдзæн,
йæ тутт бæллицты фæдыл чи зилы,
уый та мæгуырмæ ’рцæудзæнис.
20 Иузæрдион адæймаг — сæдæ хатты
арфæгонд,
мулкыл хæлоф чи кæны, уый æнæ
’фхæрдæй нæ баззайдзæн.
21 Искæй хъулон кæнын хорз нæу,
фæлæ адæймаг иу къæбæры тыххæй
дæр тæригъæд ракæны.
22 Фыд зыд хъæздыгдзинадмæ тагъд
кæны,
йæ фæдыл гæвз кæй цæуы, уый нæ
зоны.
23 Цурон ныхæстæ чи кæны, уымæй нæ,
фæлæ уайдзæфгæнæгæй фæбузныг
вæййынц фæстагмæ.
24 Йæ мад æмæ йæ фыды чи стигъы
æмæ,
уым тæригъæдæй ницы ис, зæгъгæ,
чи дзуры,
уый абырджытæн — се ’мбал.
25 Кæрæф адæймаг загъд къахы,
Дунедарæгыл йæ зæрдæ чи дары, уый
та — фæрнæйдзаг.
26 Йæ зæрдæ йæхиуыл чи дары, уый
æдылы у,
уæлзондыл фидар чи хæцы,
уый — æдас.
27 Мæгуыр лæгæн чи æххуыс кæны,
уый хъуаг ницæмæй фейиафы,
фæлæ мæгуыртæй йæ цæстытæ чи
азилы,

уый бирæ фелгъитдзысты.
28 Ænæхуыцæуттæ бæрзонд бынатмæ
куы схизынц,
уæд адæм бамбæхсынц,
се сæфт куы ’рцæуы, уæд та рæстудтæ
сбирæ вæййынц.

29 Уайдзæфтæм хъусгæйæ, йæхи чи
схъæхъхъаг кæны,
уымæн æвиппайды йе сæфт
æрцæудзæн,
æмæ йын ницыуал баххуыс кæндзæн.
2 Рæстудтæ куы сбирæ вæййынц, уæд
адæм цин фæкæнынц,
æнæхуыцау хицауы бынат куы бацах-
сы, уæд та хъæрзгæ кæнынц.
3 Уæлзонд чи уарзы, уымæй йæ фыды
зæрдæ райы;
хæтаг сылтимæ йæ рæстæг чи ’рвиты,
уый та йæ хæдзары исбон ныкъкъуыв-
витт кæны.
4 Паддзах раст тæрхонæй бæстæ сфи-
дар кæны,
гæртæмттæ чи уарзы, уый та йæ мæ-
гуырмæ ’ртæры.
5 Йæ хионæн цурон ныхæстæ чи кæны,
уый йын йæ къæхты бын ахсæн хыз
æвæры.
6 Ænæхуыцауæн йæ тæригъæд — йæ
къæппæг,
рæстуд та цин кæны æмæ райы.
7 Рæстуд мæгуыр адæмы хъаст нæ рох
кæны,
æнæхуыцауы сæ хъуыддаг æвзарыны
мæт нæй.
8 Æдзæсгæмттæ сахар сызмæнтынц,
куырыхонтæ маст басабыр кæнынц.
9 Куырыхон æдылыимæ быцæу куы
фæкæны,
уæд хъæр æмæ хынджылæгæй уæлдай
ницы фæхъусы,
пайда та дзы ницы вæййы.
10 Тугмондаг чи у, уыдонæн сыгъдæг-
зæрдæ адæймаг æнæуынон у,
рæстгæнджыты фесафынмæ
тырнынц.
11 Æдылы йæ маст нæ уромы,
куырыхон та йæхиуыл хæцын зоны.
12 Кæд паддзах мæнг ныхæстæм хъусы,
уæд йæ фæсдзæуинтæ сты
æнаккæгтæ.
13 Мæгуыр лæгмæ æмæ тыхгæнæгмæ
иумæйагæй уый ис:
сæ дыууæйæн дæр цæсты рухс Дуне-
дарæг радта.
14 Паддзах мæгуыртæн раст тæрхон куы
кæна,
уæд йæ паддзахы бадæн мыггагмæ
фидар уыдзæн.
15 Уисæй над æмæ уайдзæф
адæймаджы зондджындæр
кæнынц,
рохуаты цы сабийы ныууадзай,
уый йæ ныййарæг мады фæхудинаг
кæндзæн.
16 Ænæхуыцæуттæ куы сбирæ
вæййынц,
уæд тæригъæд парахат кæны,
фæлæ сын рæстудтæ се сæфт
фендзысты.
17 Дæ лæппуйæн зонд бацамон
æмæ йыл мæт нæ кæндзынæ,
дæ зæрдæ дзы райдзæн.
18 Пехуымпартæ рагуацтæ куынæуал
фæуынынц,
уæд адæм, æфсарм цы у, уый ферох
кæнынц;
Хуыцауы ’гъдау чи æххæст кæны, уый
тæхудиаг у.
19 Цагъарæн æрмæст ныхæстæй зонд нæ
бацамондзынæ,
куы сæ бамбара, уæд дæр сæм йæ хъус
не ’рдардзæн.
20 Рæузонд ныхæстæ чи фæкæны,
ахæм адæймаджы искуы федтай?
Зондцухæй дæр ма фылдæр пайда ис.
21 Цагъары йæ сабийы бонтæй буц куы
дарай,
уæд дзы хорзæй ницы рауайдзæн.
22 Мæстыгæр загъд къахы,
загъдæргом йæ тæригъæдтæ сбирæ
кæны.
23 Сæрыстыр йæхи сæгад кæндзæн,
сæрныллæг та скадджын уыдзæн.
24 Хуыснæджы ’мбал йæхицæн знаг у:
давæджы куыд æлгъитынц,
уый хъусы,
фæлæ йæ дзыхыл хæцы.
25 Адæмы раз тас кæмæ ис, уымæн
уый — йæ ахсæн хыз,
Дунедарæгыл йæ зæрдæ чи дары,
уый — æдас.
26 Бирæтæ бæллынц бæстæйы хицауы
хорз зæрдæйы ахастмæ,
фæлæ адæймагæн Дунедарæг у
тæрхонгæнæг.
27 Рæстгæнджытæн æнæхуыцæуттæ
’лгъаг сты,
æнæхуыцæуттæн та — цæсгомджын
адæм.

**30** Йакейы фырт Агуры, Массайы байзæд-
даджы, ныхæстæ. Мæнæ цы радзырдта уы-
цы адæймаг Итиел, уымæн йе 'мном Итиел
æмæ Ухалæн.
2 Адæмы 'хсæн нæй мæнæй
æнæфенддæр,
адæймаджы зонд мæм нæй.
3 Æз нæ сахуыр дæн уæлзондыл,
уаз зонынадæй хайджын нæ дæн.
4 Чи ссыди уæларвмæ æмæ фæстæмæ
чи 'рцыди?
Чи баурæдта дымгæ йæ армы?
Уæлæфтауы мидæг дон чи батыхта?
Зæххæн арæнтæ чи скодта?
Куыд у йæ ном? Куыд у йæ фырты ном?
Зоныс æй ды?
5 Хуыцауæн Йæ алы ныхас дæр сыгъдæг
у;
йæ зæрдæ Йыл чи дары, уыдонæн Уый
сæ уарт у.
6 Йæ ныхæстæм ын мацы бафтау,
науæд дæ фæзылынджын кæндзæн,
æмæ сайæгой разындзынæ.
7 О Хуыцау, дыууæ хъуыддаджы дæ
курын,
цалынмæ цæрон, уæдмæ мын уыдо-
нæй «нæ» ма зæгъ:
8 тутт æмæ мæнг ныхæстæ мæм хæстæг
ма 'рбауадз;
хъæздыгдзинад мын ма ратт, мæгуы-
рæй дæр мæ бахиз;
цæрыны фаг мын дæтт къæбæр,
9 цæмæй, куы фелгъæд уон, уæд Дæ ма
ферох кæнон
æмæ афтæ ма зæгъон: «Дунедарæг та
чи у?»;
цæмæй фыр мæгуырæй давын ма
райдайон
æмæ Дын Дæ ном ма сæгад кæнон.
10 Хицауы раз йæ цагъары фыдгой ма
ракæн,
науæд дæ ралгъитдзæн, æмæ азым-
джын фæуыдзынæ.
11 Иуæй-иутæ 'лгъитынц сæ фыдæлты
æмæ сæ мадæлтæн арфæ нæ кæнынц.
12 Ис ахæмтæ, æмæ сæхи цæсты сыгъдæг
сты,
афтæмæй та сæ чъизитæ нæ
цæхсадтой.
13 Ис, æнæввæрсон чи у, ахæмтæ,
иннæтæм уæлейæ дæлæмæ кæсынц.
14 Иуæй-иутæн сæ дæндæгтæ сты
хъаматæ,
се 'фсæртæ — кæрдтæ, цæмæй мæгу-
ырты æмæ,
алцæмæй дæр æнæхай чи у, уыдоны
ныхъуырой.
15 Цъулберæн дыууæ чызджы ис: æри!
æри!
Ис æртæ æнæфсисы, цыппæрæм та
«æгъгъæд» никуы зæгъдзæн:
16 мæрдтыбæстæ, æнæзæнæг гуыбын,
донæй бафсис кæмæн нæй, уыцы зæхх
æмæ арт, уый никуы зæгъдзæн:
«Æгъгъæд!»
17 Йæ фыдыл худгæ, йæ ныййарæг мад-
мæ хъусыныл
æлгъ цы цæст кæны, уый дæлвæзы
халæттæ скъахдзысты.
18 Æртæ хъуыддаджы мæ дисы
'фтауынц,
цыппæрæм та не 'мбарын:
19 цæргæсы фæндæгтæ уæлдæфы,
калмы фæндæгтæ къæдзæхтыл,
науы цæуæнтæ денджызы,
нæлгоймаджы фæндаг чызгмæ.
20 Хъахбайы фæндаг ахæм у:
бахæры, йæ былтæ ныссæрфы æмæ
фæзæгъы:
«Æз æвзæрæй ницы ракодтон».
21 Зæхх æртæ хъуыддагæй сæнкъуысы,
цыппæрæм та уромгæ дæр нæ кæны:
22 цагъар паддзах куы свæййы;
зондцух хæринагæй куы бафсæды;
23 хъахбай сылгоймаг мой куы скæны;
унæут æхсины бынат куы бацахсы.
24 Зæххыл ис цыппар къаннæджы,
фæлæ сæхицæй куырыхондæр нæй:
25 мæлдзгуытæ лæмæгъ сты,
фæлæ сæрды сæхицæн хæринаг æрæ-
фтауц кæнынц;
26 дамантæ тыхджын не сты,
фæлæ къæдзæхты 'хсæн сæхицæн хæ-
дзæрттæ саразынц;
27 мæтыхтæн паддзах нæй,
фæлæ размæ рæнхъгай цæуынц;
28 гæккуырийы къухæй æрцахсæн ис,
фæлæ паддзахы галуаны цæры.
29 Ис æртæ, сæ уæнгты ахаст хæрзконд
кæмæн у, ахæмтæ,
цыппæрæмæн та — фидар къахæвæрд:
30 сырдтæн сæ тыхджындæр — домбай,
йæ разæй фæндаг никæмæн ратдзæн;
31 уасæг, бодз æмæ, йе фсады разæй чи
цæуы, уыцы паддзах.
32 Де 'дылы зонды тыххæй схъæлдзырд
куы суай
æмæ фыдвæндтæ куы кæнай,
уæд дæ дзыхыл дæ армытъæпæнæй
ныххæц,

33 уымæн æмæ, æхсыр куы цæгъдай,
уæд дзы нæлхæ ’взæры,
фындз куы ныццæвай, уæд йæ туг
ракæлы,
маст куы сзынг кæнай, уæд та ссудзы
хæрамдзинад.

**31** Массæйы паддзах Лемуелы ныхæстæ,
йæ ныййарæг мадæй цы зондамындтыл
сахуыр ис, уыдон.
2 Цы, мæ лæппу, мæ зæрдæйы бын кæй
фæхастон?
Цы, мæ лæппу, мæ зæрдæвæрдмæ
гæсгæ мын чи райгуырд?
3 Дæ хъарутæ ма ратт сылгоймæгтæн,
дæ хъомыс — паддзæхты чи бабын
кæны, уыдонæн.
4 Лемуел, паддзæхтыл нæ фидауы сæн
нуазын,
уæздæттыл — махсымæйы фæдыл
зилын,
5 цæмæй, куы барасыг уой, уæд ма фе-
рох кæной Хуыцауы ’гъдау
æмæ мæгуыр адæмы раст тæрхонæй
æнæхай ма фæкæной.
6 Сæфты къахыл чи лæууы, уымæн ба-
дарут махсымæ,
хъизæмарæй чи мæлы, уымæн сæн
бануазын кæнут:
7 куы бануазой, уæд сæ ферох уыдзæн
сæ мæгуырдзинад,
сæ хъизæмæрттæ сæ зæрдыл нал
æрлæудзысты.
8 Сæ бон дзурын кæмæн нæу, уыдоны
сæрыл рахæц,
æнæбон чи у, уыдоны бартыл тох кæн.
9 Рæстдзинады сæрыл дзур, тох кæн,
мæгуыр æмæ гæвзыкк чи у, уыдоны
сæраппонд.
10 Хорз усы куыд ссардæуа?
Уый налхъуыт-налмастæй зынаргъ-
дæр у,
11 йæ мойы зæрдæ йыл фидарæй
æууæнды,
æнæ ’фтиагæй нæ баззайдзæн йемæ,
12 цæрæнбонты йын æвзæрæй нæ, фæлæ
хорзæй фиды.
13 Къуымбилмæ кæнæ гæн æндахмæ
бавнала —
йæ къухтæ æнæзивæгæй кусынц.
14 Сæудæджергæнæг науы хуызæн
дардæй самал кæны хойраг.
15 Нырма талынг вæййы, афтæ систы,
йæ бинонтæн хæринаг скæны,
йæ унæутты исты куыстыл бафтауы.
16 Зæххы хай æрцагуры æмæ йæ
балхæны,
йæ куыстæй цы мызд бакусы, уымæй
сæндон саразы.
17 Йæ синтæ ’рбатухы хъаруйæ, йæ къух-
ты ис тых.
18 Йæ базайрæгтæ хорз уæй цæуынц,
уый фæуыны,
æмæ ’хсæвыгон дæр йæ цырагъ нæ
ахуыссы.
19 Йæ къухтæм райсы æлвисæн,
йе ’нгуылдзтæ æлхуи уæгъд нæ
кæнынц.
20 Мæгуыр лæгæн йæ арм байгом кæны,
æхххуысхъуагмæ йæ къух бадары.
21 Йæ бинонтæн митæй тас нæу,
се ’ппæтыл дæр — дывæлдах хъуыма-
цæй дарæстæ;
22 йæхицæн дæр бахуыйы æмбæрзæнтæ,
гæн æндахæй уафт æмæ сæнт сырх
къуымбилæй — йæ дарæс.
23 Йæ сæрыхицауы йын сахары кулдуа-
ры цур зонынц,
йæ бæстæйы хистæрты ’хсæн
фæбады.
24 Гæн хъуымацæй дарæстæ хуыйы
уæйæн,
Ханааны
сæудæджертæн — астæубостæ.
25 Хъару æмæ хорз миниуджытæй йæхи
сфæлынды,
фидæнмæ кæсы хъæлдзæгæй.
26 Йæ ныхас у куырыхон, хорз зонда-
мынд дзы хъуысы.
27 Йæ хæдзары хъуыддæгтæм йæ цæст
дары,
æвдæлонæй къæбæр нæ хæры.
28 Йæ цот сыстынц æмæ йæ сыстауынц,
йæ сæрыхицау дзы ’ппæлынæй не
’фсæды:
29 «Кады аккаг сылгоймæгтæ бирæ
уыди,
фæлæ ды се ’ппæты дæр амбылдтай!»
30 Зæрдæскъæфæн хуыз сайаг у,
рæсугъддзинад тагъд ивгъуыйы,
фæлæ Дунедарæджы раз тас кæмæ ис,
уыцы сылгоймаг стауыны аккаг у.
31 Æмбæлгæ хæрзиуæг ын раттут,
сахары кулдуары раз æй сыстаут!

# Екклесиасты чиныг

Рагон дзуттаг æвзагыл ацы чиныг хуыйны «Кохелет», рагон бердзенаг æвзагыл та — «Екклесиаст». Коммæ тæлмацæй ацы дзырд амоны «Æмбырды лæг» — ома, æвæццæгæн, ахуыргæнæг кæнæ Хуыцауыл æууæндæг адæмы ’мбырды уацамонæг.

Ацы чиныдджы Уацамонæг дзуры разагъды куырыхон паддзах Соломоны номæй. Бирæ цыдæртæ бавзаргæйæ, автор бамбæрста, зæххон царды цинтæ уайтагъд кæй аивгъуыйынц, адæймаджы амонд мæнгæфсон кæй у, уый. Уацамонæг сагъæс кæны царды алыхуызон фæзилæнтыл, архайы адæймаджы цардæн исты æфсон, исты нысаниуæг ссарыныл. Йæ хатдзæгтæ: адæймагæн йæ бон нæу царды нысанæвæрд бамбарын, уымæн æмæ цард æгæр цыбыр у; стæй фæвæййы, цард ын ад куынæуал фæкæны, зæххон цинтæ йæ куынæуал фендавынц, йæ хъару куы асæтты æмæ ма æрмæст йæ зæххон царды кæронмæ куы фенхъæлмæ кæсы, уыцы зæры бонты. Йæ кæрон та, стыр паддзахæй, фæстаг мæгуыргурæй, се ’ппæттæн дæр æмхуызон у.

Фæлæ уæддæр Уацамонæг фидарæй лæууы, царды цыдæр стыр хъæздыгдзинад кæй ис, уыцы хъуыдыйыл. Фыццаджы-фыццагдæр уый у уæлзонд. Кæд цард цыфæнды афтид у, уæддæр Хуыцау адæмæн радта хæлардзинад æмæ амондджын æмкъайады цин, цæмæй дзы царды ад арой, Хуыцауы фæдзæхстыты сæрты нæ хизгæйæ. Тæккæ ахсджиагдæр та у æппæт уыцы хорзæхтæ раттæг Хуыцауыл иузæрдион уæвын.

---

**1** Давиды фырты паддзахы бадæн Йеруса-
лимы уыди. Хуыцауы ныхас хорз чи амыдта,
ахæм лæгыл нымад уыд. Афтæ-иу дзырдта:
2«Алцы дæр аивгъуыйы, алцæмæн дæр кæ-
рон æрцæуы».
3Уæдæ арвы бын адæмæн се ’ппæт фæл-
лæйттæй цы баззайы? Ницы. 4Æрмæстдæр
фæлтæртæ ивынц кæрæдзи, фæлæ зæхх
уыцы иухуызонæй лæууы. 5Хур скæсы æмæ
аныгуылы, ногæй раздæхы йæ бынатмæ.
6Дымгæ куы хуссарæрдæм дымы, куы —
цæгатæрдæм, иу уысм дæр йæ зилдухæй
не ’нцайы. 7Цæугæдæттæ денджызмæ кæ-
лынц, фæлæ денджыз нæ дзаг кæны; дæттæ
ног сæ донгуырæнмæ раздæхынц. 8Дуне
æмызмæлд кæны; алцы дзурынæй бафæл-
лайæн ис, алцы цæстæй фенæн нæй, алцæмæ
нæй байхъусæн. 9Цы уыди, уый уыдзæн, цы
’рцыди, уыдæттæ та ’рцæуынц, арвы бын
ногæй ницы ис. 10Лæг арæх истæуыл бадис
кæны æмæ фæзæгъы: «Уый ног цыдæр у!»
Фæлæ дзы уадиссагæй ницы разыны. Диссаг
æм цы фæкаст, уый нæ фыдæлтæ раджы фед-
той. 11Кæддæр чи царди, уыцы фæлтæрты
абоны фæлтæр нæ хъуыды кæны, фидæны
чи цæрдзæн, уыдон дæр сæ байзæддагæй
ферох уыдзысты.
12Æз, Хуыцауы ныхас амонæг, уыдтæн
Израилы паддзах. Мæ паддзахы бадæн Йеру-
салимы уыди. 13Æз сфæнд кодтон уæлзонды
фæрцы, дунейы цыдæриддæр ис, уыдæттæ
бафæлварын. Ацы æвзæр хъуыддаг Хуыцау
адæмæн бабар кодта, цæмæй тухæн кæной.
14Арвы бын цытæ цæуы, уыдæттæм
лæмбынæг куы ’ркастæн, уæд бамбæрстон:
алцыдæр аивгъуыйы, алцыдæр, дымгæ æр-
цахсыныл куы архайай, уымæй уæлдай нæу.
15Зылын цы у, уый ничи раст скæндзæн; цы
фæхъуыди, уый банымайæн нæй.
16Мæхимæ гæсгæ, Йерусалимы мæ хуызæн
зондджын æмæ стыр куырыхон лæг нику-
ыма райгуырд, æмæ йæ зондæй мæныйас
ничи ницы бафæлвæрдта. 17Фæлæ мæ ноджы,
зонд æдылыдзинад æмæ æррадзинадæй
цæмæй хицæн кæны, уый бæлвырд базонын
бафæндыд. Æмæ бамбæрстон, уый дæр та,
дымгæ ’рцахсыныл куы архайай, уымæй
уæлдай кæй нæу. 18Уымæн æмæ адæймаг цас
куырыхондæр кæны, уыйас йæ маст арфдæр
кæны, æмæ йæ зондыл цас фылдæр æфтауы,
уыйас тынгдæр — йæ рыст.

**2** Æз сфæнд кодтон мæхи бафæлварын ир-
хæфсæнтæй æмæ фарнæй, фæлæ та загътон:
«Уыдæттæн сæ кой дæр фесæфдзæн». 2Æз
загътон: «Худын та цы у? Æррадзинад æр-
мæстдæр, ирхæфсæнтæй ницы пайда ис».
3Лæгæн йæ амонд цæй мидæг ис, цы чысыл
азтæ рацæры, уыдоны дæргъы цы хъуамæ
куса, уый базонын мæ бафæндыд. Мæ зонд

мæхимæ уыд, фæлæ зондцухты бафæзмын
сфæнд кодтон æмæ сæныл фæцахуыр дæн.
4 Стыр хъуыддæгтæ мын бантысти: мæхицæн
хæдзæрттæ самадтон, скодтон сæндæттæ,
5 дыргъдæттæ æмæ хъæды къохтæ, дыргъ-
джын бæласæй цыдæриддæр ис, уыдон дзы
æрзайын кодтон, 6 донуæттæ сын сарæзтон.
7 Ælхæд цагъартæ, усæй, лæгæй, стæй, мæ
хæдзары чи райгуырд, ахæм æххуырстытæ
мæм бирæ уыд. Стурвос æмæ фысвос мæнмæ
цас уыди, уый бæрц Йерусалимы цæрджы-
тæй никуы никæмæ уыд. 8 Алы бæстætæй
æмæ паддзæхтæй æнæнымæц сыгъзæрин,
æвзист æмæ хæзна дуртæ æрæмбырд код-
тон; уыдис мæм зарæггæнджытæ, алы уа-
дынгæрзтыл цæгъдджытæ, Адамы фырттæ
сæхи кæмæй буц кæнынц, уыдон — устытæ
æмæ номылустæ. 9 Ахæм номдзыд, хъæздыг
æмæ куырыхон лæг Йерусалимы никуыма
уыди. 10 Цæмæфæнды ма бабæллон, мæхицæн
«нæ», зæгъгæ, никуы ницæмæй загътон, цин
кодтон мæ фæллæйттыл. Мæ тухæнты фæс-
тæ уыцы циндзинад райстон хæрзиуæгæн.
11 Ме ’ппæт фæллæйттæм æмæ тухæнтæм иу
хатт фæстæмæ куы акастæн, уæд та, раздæ-
рау, загътон: «Уыдæттæ дæр аивгъуыйдзысты,
дымгæ æрцахсыныл куы архайай, уымæй
уæлдай не сты, арвы бын сæ ницы пайда ис».

12 Зондджын æдылыйæ æмæ зондцухæй
цæмæй хицæн кæны, уый базонын мæ ба-
фæндыд. Уыцы хъуыддæгты паддзахæн
йæхицæй дарддæр ничи ацæудзæн, искæ-
мæн æй йæ бон бафæзмын у æрмæстдæр.
13 Æз бамбæрстон: рухс æмæ тар кæрæдзийæ
куыд хицæн кæнынц, афтæ зондджын дæр
æдылыйæ хицæн кæны. 14 Зондджын йæ
зонды руаджы рухсы цæуы, æдылы та —
талынджы. Фæлæ уыимæ бамбæрстон, сæ
дыууæйæн дæр сæ кæрон иу кæй у. 15 Мæ-
хинымæр загътон: «Уæдæ ахæм куырыхон
цæмæн сдæн? Мæнмæ дæр æмæ æдылымæ
дæр иу фидæн æнхъæлмæ кæсы». Æмæ та
загътон: «Куырыхондзинад дæр аивгъуы-
йы». 16 Æдылыйы дæр æмæ зондджыны дæр
ничи мысы æнусмæ, фидæны сæ дыууæйы
дæр ферох кæндзысты. Уæдæ, цымæ, афтæ
куыд рауайы, æмæ зондджын дæр æдылы-
йау куыд æрбамæлы?

17 Цард мын æнæуынон сси. Лæг зæххыл
йæ хъæру цæуыл хардз кæны, уыдæттæ
иууылдæр банымадтон æвзæрыл, уымæн
æмæ алцыдæр аивгъуыйы, алцыдæр, дымгæ
æрцахсыныл куы архайай, уымæй уæлдай
нæу! 18 Цыдæриддæр сарæзтон, уыдон мын
æнæуынон систы, уымæн æмæ бамбæрстон:
куы амæлон, уæд мæ фæллæйттæ иууылдæр
искæмæн баззайдзысты. 19 Æмæ йæ чи зоны,
æдылымæ æви зондджынмæ ’рхаудзысты,
уый? Мæ тухæнты æмæ мæ зонды фæрцы
мæ къухы цы фæллæйттæ бафтыд, уыдонæн
æндæр исчи хицау суыдзæн. Фæлæ та уыдон
дæр аивгъуыйдзысты!

20 Мæ ныфс асаст, мæ фæллæйттæм цы
æнхъæлмæ кæсы, уыдæттыл куы хъуыды
кодтон, уæд. 21 Уый бæрц фæтухæнтæ кæн,
дæ зонд, дæ хъарутæ æмæ дæ арæхстдзинад
ма бавгъау кæн, æмæ стæй дæ фæллæйтæ
кæмæндæр лæвар баззайæнт. Æмæ та уый
фæстæ уыдæттæн дæр кæрон æрцæудзæн.
Уый стыр бæллæх у!

22 Цы пайда ис лæгæн йæ куыстæй, йе ’ппæт
тухæнтæй? 23 Цалынмæ цæры, уæдмæ ал-
цæуыл мæт кæны, тыхсы, æхсæвыгон дæр
хъизæмар кæны, фæлæ та уыдæттæн кæрон
æрцæуы, алцыдæр аивгъуыйы. 24 Уæдæмæ
хæр, нуаз æмæ цин кæн дæ къухты фæлло-
йыл — уымæй хуыздæр адæймагæн ницы
ис, фæлæ уый Хуыцауæй лæвæрд у. 25 Æмæ
уæдæ чи хъуамæ хæра æмæ цин кæна мæ
бæсты? 26 Хуыцауæн фæндиаг чи у, уымæн
зонд, куырыхондзинад æмæ циндзинад рат-
ты. Тæригъæдджынæн дæр кусын æмæ йæ
къæбицтæ дзаг кæныны зонд Хуыцау ратты,
фæлæ искæд бон йæ фæллæйттæ, Хуыцауы
зæрдæ чи балхæдта, уый къухмæ æрхауынц.
Æмæ та уыдæттæ дæр аивгъуыйынц, уыдон
дæр, дымгæ æрцахсыныл куы архайай, уы-
мæй уæлдай не сты.

**3** Дунейы алцæмæн дæр ис бæлвырд рæс-
тæг æмæ хуыздæр афон: 2 райгуырынæн
æмæ амæлынæн; тауынæн æмæ, цы ныс-
сагъдæуыд, уый æд уидæгтæ срæдувынæн;
3 марынæн æмæ дзæбæх кæнынæн; халынæн
æмæ аразынæн; 4 кæуынæн æмæ худынæн;
хъарæг кæнынæн æмæ кафынæн; 5 дуртæ
алырдæм хæлиу кæнынæн æмæ се ’мбырд
кæнынæн; хъæбыстæн æмæ хъæбыстæй
хи иуварс кæнынæн; 6 агурынæн æмæ, цы
фесæфтис, уый фæдыл мауал зилынæн; ба-
вæрынæн æмæ аппарынæн; 7 аскъуыйынæн
æмæ бахуыйынæн; хъусæй лæууынæн æмæ
дзурынæн; 8 уарзт æмæ æнæуынондзинадæн;
хæст æмæ фидыдæн.

9 Уæдæ кусæг лæг йæ хидвæллойæ æцæгæй-
дæр цы райсы? 10 Æз федтон, Хуыцау адæмæн
цы куыстытæ бабар кодта, уыдон се ’ппæт
дæр. 11 Алцыдæр хорз йæ афоныл у, Хуыца-
уæн фæндон куыд у, уымæ гæсгæ. Хуыцау
адæмæн сæ зæрдæты бавæрдта æнусон дуне

æмбарыны зонд, фæлæ Йын Йæ хъуыддæгтæ
кæронмæ бамбарын адæймаджы бон нæу.
12 Æз базыдтон: цалынмæ адæймаг зæххыл
цæры, уæдмæ йын хъæлдзæг æмæ райгон-
дæй цæрынæй хуыздæр ницы ис. 13 Кæд лæг
хæры æмæ нуазы, йæ къухты фæллойæ йæ
зæрдæ райы, уæд ын уый Хуыцауæй лæ-
вæрд у. 14 Æз бамбæрстон: Хуыцау цы саразы,
уый æнусон у. Йæ хъуыддæгтæм Ын бафта-
уæн ницы ис, аппарæн дæр афтæ. Уыдæттæ
аразгæйæ, Хуыцау тырны уымæ, цæмæй Йын
адæм кад кæной. 15 Цы уыди, уый ис æмæ
уыдзæн. Ивгъуыды цыдæриддæр уыд, уы-
дон Хуыцауæн Йæ бон фæстæмæ раздахын у.
16 Алы ран дæр зæххыл иу хъуыддаг уыд-
тон: рæстдзинад кæм хъуамæ уа, уым —
фыдракæнд, рæстады бынаты дæр афтæ.
17 Мæхицæн загътон: «Хуыцау рæстудæн дæр
æмæ фыдгæнæгæн дæр стæрхон кæндзæн,
алцæмæн дæр йæхи афон ис». 18 Ноджы ма
загътон: «Хуыцау адæмы фæлваргæ кæны:
хъуамæ бамбарой, æнæ Хуыцауæй фосæй
уæлдай кæй не сты». 19 Уымæн æмæ сын иу
фидæн ис: фос дæр æмæ адæм дæр мæлынц,
иу уæлдæфæй улæфынц, адæймаг фосæй ху-
ыздæр ницæмæй у. Иутæ дæр æмæ иннæтæ
дæр фесæфдзысты. 20 Фос дæр æмæ адæм
дæр уыцы иу ранмæ цæуынц: удæгасæй цы-
дæриддæр ис, уыдон иууылдæр сыджытæй
равзæрдысты æмæ сыджытыл бафтдзысты.
21 Бæлвырд куыд базонæн ис, адæймаджы уд
уæларвмæ атæхы, цæрæгойы уд та зæххы
бынмæ ацæуы, уый?
22 Æз бамбæрстон: адæймагæн йæ зæрдæ
хъуамæ райа йæ куыстæй. Ницы ис лæгæн
уымæй хуыздæр, уымæн æмæ кусынæн рай-
гуыры. Йæ фæстæ цы уыдзæн, уыдон та йын
чи равдисдзæн?

**4** Æз федтон, æфхæрд адæм куыд кæуынц,
уый, ничи сын æххуыс кæны, уымæн æмæ
се 'фхæрджытæ тыхджын сты. 2 Æмæ уæд
мæрдты удæгæстæй амондджындæр схуыд-
тон. 3 Сæ дыууæтæй хуыздæр раны та ис, чи
нæма райгуырд æмæ, арвы бын цы фыдбы-
лызтæ цæуы, уый чи нæма базыдта.
4 Ноджы ма федтон: адæм кусынц æмæ
истæуыл архайынц, кæрæдзимæ хæлæг кæй
кæнынц, уымæн. Фæлæ уыдæттæ дæр аив-
гъуыйынц, дымгæ 'рцахсынил куы архайай,
уымæй уæлдай не сты!
5 Афтæ фæзæгъынц: «Æдылы магуса у æмæ
сыдæй мæлдзæнис».
6 Фæлтау дæм армыдзаг исты уæд æмæ
æнæмастæй цæр, дыууæ армыдзаджы
тыххæй амал кæныны æмæ дымгæйы фæ-
дыл зилыны бæсты!
7 Ноджы ма иу æнæпайда æмæ, чи аив-
гъуыйы, ахæм хъуыддаг федтон зæххыл:
8 кæмæндæр нæ — æрдхорд, нæ — æмбал,
нæ йын — фырт, нæ — æфсымæр, афтæмæй
æхсæвæй-бонæй æвæлмæцгæйæ кусы, фæлæ
æфтиаджы фыдæй, кæм æрлæууа, уый нæ
зоны. Цæмæн æмæ кæмæн кусы, уый бæрæг
нæй. Уый дæр та аивгъуыйы, стыр бæллæх
у уый дæр!
9 Æмбалимæ цæрын хуыздæр у, дыууæ лæ-
джы куыстæн мызд хуыздæр фидынц. 10 Иу
дзы куы ахауа, уæд æй иннæ сыстын кæн-
дзæн. Фæлæ иунæг куы фæкæла, уæд ма йыл
чи схæцдзæнис? 11 Хуыссæны дæр дыууæйæ
хъармдæр у, иунæджы та чи схъарм кæна?
12 Знаджы ныхмæ дæр дыууæйæ хæцын æн-
цондæр у, иунæгыл та йе знæгтæ уæлахиз
кæнынц; бæндæн æртæ æндахæй быд куы
уа, уæд тагъд нæ аскъуындзæн.
13 Мæгуыр æмæ зондджын лæппу, уынаф-
фæтæм чи нæ хъусы, ахæм æдылы æмæ зæ-
ронд паддзахæй хуыздæр у. 14 Зондджын
мæгуыр лæг суанг ахæстонæй дæр рухсмæ
рацæуы æмæ паддзахы бынат бацахсы.
15 Æз кастæн æмæ, ног æвзонг паддзахы
заман цы адæм цæрдзысты, уыдоныл сагъæс
кодтон. 16 Лæггад ын чи кæндзæн, уыцы адæм
змисæй фылдæр уыдзысты, фæлæ йын сæ
байзæддæгтæ аргъ нæ кæндзысты. Æмæ та
уыдæттæ дæр аивгъуыйдзысты, уыдон дæр,
дымгæ 'рцахсынил куы архайай, уымæй
уæлдай не сты!
17 Хуыцауы хæдзармæ цæугæйæ, дæ-
химæ лæмбынæг кæс. Хæстæг æрбалæууу
æмæ байхъус, æдылытæ цы нывæндтæ хæс-
сынц, уымæй уый хуыздæр у. Нывæндтæ
чи хæссы, уыцы æдылытæ се 'взæр митæ
нæ фæуынынц.

**5** Дæ ныхасы размæ уал хорз ахъуыды кæн,
Хуыцауы раз ард бахæрынмæ тагъд ма кæн:
Хуыцау уæларвыл ис, ды та — зæххыл, дæ
алы ныхас дæр сасирæй балуар.
2 Лæг бирæ цæуылдæрты куы фæтыхсы,
уæд фынтæ фæуыны, афтæ æдылы дæр йæ
бирæдзурагæй бæрæг дары. 3 Хуыцауы раз
дзырд куы раттай, уæд æй æвæстиатæй
сæххæст кæн. Хуыцау æдылытыл нæ ау-
ды, лæг хъуамæ йæ ныхасæн хицау уа. 4 Дæ
ныхас нæ сæххæст кæныны бæсты, фæлтау
дæ дзыхæй хъыпп-сыпп ма суадз; 5 де 'вза-
джы тыххæй тæригъæды куы бахауай, уæд
Хуыцауы минæвары раз дæхи ма раст кæн.

Дзырд радтон, фæлæ уымæй фæрæдыдтæн,
зæгъгæ, ма мæсты кæн Хуыцауы, науæд дын
дæ хъуыддаг фехалдзæн. 6Бирæ сæнттæй,
уддзæфау цы хъуыддæгтæ фæцыдæр вæй-
йынц, уыдонæй бирæ ныхæстæ райгуыры,
фæлæ ды тæрс Хуыцауæй!
7Кæцыфæнды бæстæйы дæр мæгуыр лæ-
джы ’фхæрдæн, рæстдзинад æмæ раст тæр-
хон ссæст кæй цæуынц, уымæн æвдисæн куы
суай, уæд-иу ма бадис кæн. Алы хицауæн
дæр ис уæлдæр хицау, сæ дыууæйы сæрмæ
та — ноджы стырдæр. 8Бæстæйæн йæ хуыз-
дæр æфтиаг — чи йыл ауды, уыцы паддзах.
9Æхца чи уарзы, уымæн фаг никуы уы-
дзысты, хъæздыгдзинадмæ чи бæллы, уы-
мæн йæ зыд зæрдæ нæ бафсæддзæн. Уы-
дæттæ дæр аивгъуыйдзысты!
10Бирæ мулк дæм куы уа, уæд дæ алыварс
чи дын æй хæра, ахæмтæ бирæ фæзындзæн.
Цы пайда ис хъæздыг лæгæн йæ мулкæй?
Дæ исбон цас фылдæр кæна, уыйас фæлхас-
гæнджытæ фылдæрæй фылдæр кæндзысты.
11Кусæг лæг чысыл бахæра æви бирæ — ал-
кæддæр адджын фынтæ уыны, хъæздыгæн
та фыр æфсæстæй йæ хуыссæг фæлидзы.
12Иу æнамонд хъуыддаг бафиппайдтон
зæххыл: хъæздыг йæ мулк йæхи фыдбылы-
зæн фембырд кæны, 13фæлæ йæ хъуыддæгты
æнтыстджын нал вæййы, йæ мулк æрбайсæ-
фы, æмæ йæ фыртæн бынтæ нæ ныуудзы.
14Мады гуыбынæй бæгънæгæй рацыд, æмæ
дунейæ дæр афтæмæй ацæуы, йæ исбонæй
йемæ ницы ахæссы. 15Уый стыр бæллæх у —
гуыргæ куыд ракæны, мæлгæ дæр афтæ.
Уæд ма дзæгъæлы цæуыл фæтухæн кæны,
йæ тухæнтæ йын дымгæ куы ныффæйла-
уы? 16Цæрæнбонты хæры талынджы, бирæ
хæрамдзинад, рыст æмæ зæрдæхудтытæ
бавзары.
17Хуыцау нын цæрынæн цы цыбыр æм-
гъуыд ратты, уымæй куыд хуыздæр спайда
чындæуа? Уæдæмæ хæр, нуаз æмæ дæ къух-
ты фæллойыл цин кæн. Уый адæймагæн йæ
нывысконд у. 18Хуыцау искæмæн хъæздыг-
дзинад куы ратты, йæ къухвæллойыл йæ
бар куы фæцæуы æмæ йæ зæрдæ цинæй
дзаг куы вæййы, уæд зæгъæн ис, æмæ йын
Хуыцау стыр лæвар ракодта. 19Ахæм адæй-
маг йæ ивгъуыдыл арæх нæ хъуыды кæны,
уымæн æмæ йын Хуыцау йæ зæрдæ цинæй
байдзаг кодта.

**6** Арвы бын мæм иу хъуыддаг æппындæр
раст нæ кæсы, адæм æй арæх æвзарынц: 2Хуы-
цау адæймаджы схъæздыг æмæ скадджын
кæны, цæмæ бæллы, уыдæттæй хъуаг ни-
цæмæй фейййафы, фæлæ йын йæ исбонмæ йæ
къух бадарын нæ фæуадзы, йæ фæллæйттæн
ын æцæгæлон уынаффæ фæкæны. Æмæ та
уый дæр аивгъуыйы, стыр бæллæх у уый!
3Адæймагæн сæдæ сывæллоны куы уа,
зæронды бонтæм куы фæцæра, фæлæ йæ
цæргæбонты амондджын куынæ уа æмæ
æнæныгæдæй куы баззайа, уæд æфтыддаг
амондджындæр у. 4Уымæн æмæ цыбыр рæс-
тæгмæ фæзыны, æмæ йæ ном талынджы
аныгъуылы. 5Уый хуры рухс нæ фены, ницы
базоны, фæлæ иннæ адæмæй уæлдай æнцой
ссары. 6Иннæтæ та, дыууæ мин азы куы
фæцæрой, фæлæ амонд куынæ бавзарой,
уæддæр уыциу ранмæ цæуынц.
7Адæм се ’ппæт дæр кусынц, цæмæй сæ
гуыбынтæ бафсадой, фæлæ сæ удтæ та
не ’фсæдынц.
8Уæдæ куырыхонтæ æдылытæй цæмæй
хуыздæр сты? Мæгуыр лæгæн царды мидæг
йæ зондæй цы пайда ис? 9Дæ цæстæй цы
уыныс, уый — хорз, истæмæ бæллын — зæр-
дæйы сагъæс. Уыдæттæ дæр аивгъуыйынц,
дымгæ ’рцахсыныл куы архайай, уымæй
уæлдай не сты!
10Цыдæриддæр хъуамæ æрцæуа, уый ны-
ридæгæн бæлвырд у; адæймаг цы у, уый дæр
зындгонд у — йæхицæй тыхджындæримæ
хæцын йæ бон нæу.
11Нæ цард къаддæр цы хъуыддæгтæй æмæ
цы ныхæстæй кæны, уыдон бирæ сты, ницы
пайда сæ ис! 12Чи йæ зоны, лæгæн цæрын
куыд хуыздæр у, уый, йæ царды цыбыр фæн-
даг аууонау фæцыдæр вæййы. Йæ фæстæ
зæххыл цы уыдзæнис, уыдæттæ йын чи
радзурдзæн?

**7** Кад хæрздæфгæнæнæй хуыздæр у, мæ-
лæты бон та — райгуырæн бонæй. 2Цин-
тæм цæуынæй мæстджын хæдзармæ цæ-
уын хуыздæр у, уымæн æмæ алкæмæ дæр
иу кæрон æнхъæлмæ кæсы, уадз æмæ йæ
рох мачи кæна. 3Куырыхонтæ, хъыг кæм
кæнынц, уырдæм цæуын хуыздæрыл ны-
майынц, æдылытæ цинтæм цæуын уарзынц.
4Зондджын сагъæс арæх кæны, æдылыйæн
йæ худын нæ фенцайы. 5Æдылыйы зарджы-
ты бæсты куырыхоны уайдзæфтæм хъус.
6Æдылыйы худт, какон сындз аджы бын
судзгæйæ куыд къæс-къæс кæны, уымæй
уæлдай нæу. Уый дæр тагъд аивгъуыйы!
7Искæй æфхæргæйæ, зондджын дæр
сæдылы вæййы; гæртæмттæ лæгæн йæ
зонд сафынц. 8Хъуыддагæн йæ кæрон йæ

райдианæй хуыздæр у; сæрыстыры бæсты
фæразон у. 9Мæстыгæр ма у, йæ маст æдзух
йæ зæрдæйы æдылы хæссы. 10Ивгъуыды
цард хуыздæр цæмæн уыди, зæгъгæ, макуы
фæрс, уый зонддзын лæджы фарст нæу.
11Удæгас лæгæн йæ бынтæй куыд пайда ис,
афтæ йæ зондæй дæр. 12Куырыхондзинад
лæджы æхцайау хорз хъахъхъæны, фæлæ
зонд хуыздæр у, куырыхонтæ удæгасæй
баззайынц.
13Акæс-ма Хуыцауы хъуыддæгтæм: Хуыцау
цы ныззылын кодта, уый чи сраст кæндзæн?
14Æнæмаст куы уай, уæд цин кæн, фыд-
былызтæ куы 'взарай, уæд ахъуыды кæн: сæ
иу дæр æмæ иннæ дæр Хуыцау уый тыххæй
радта, цæмæй адæймаг, йæ фæстæ цы уы-
дзæн, уый ма зона.
15Мæ цыбыр царды алцыдæр федтон: рæс-
туд æвзæрæй ницы ракæны, афтæмæй йæ
мæлæт ссары, тæригъæдджын та 'взæр митæ
кæны, афтæмæй йæм бирæ рæстæг мæлæт
æвваxс нæ цæуы.
16Рæстæй цæрынил, дæ алы хъуыддаджы
дæр зонддзын уæвынил æгæр тынг ма ар-
хай, науæд фесæфдзынæ. 17Фæлæ æвзæр
митæ дæр æгæр бирæ ма кæн, æдылыты
ма фæзм — афонæй раздæр мæрдтæм цæ-
мæн тагъд кæныс? 18Фæндаджы астæуыл
хæц — Хуыцауæн кад чи кæны, уый йæхи
алцæмæй дæр бахиздзæн. 19Куырыхон йæ
зонды фæрцы сахары дæс хицауæй тых-
джындæр у.
20Æрмæстдæр хорздзинæдтæ чи кæны,
тæригъæд æппындæр чи никуы ракодта,
ахæм рæстуд нæй зæххыл.
21Алы ныхас дæ зæрдæмæ ма ис — мыййаг,
дæ лæггадгæнæджы дæ фыдгой кæнгæйæ
куы баййафай. 22Зоныс æй, дæхæдæг дæр
искæй æвзæры кой арæх кодтай. 23Уыдæттæ
æз иууылдæр мæ зонды руаджы бафæл-
вæрдтон. Загътон мæхицæн: «Куырыхон
зондмæ куы сæххæссин!» Фæлæ йæм мæ
бон сæххæссын нæ уыди.
24Цы уыди, уыдон тынг дард сты, дард
æмæ арф! Цы нысан кæнынц, уый чи ба-
зондзæн? 25Мæ зонды фæрцы архайдтон
басгарын: зæххыл цытæ цæуы, уыдон цавæр
барæнтæй ис абарæн, æдылыдзинад цас æв-
зæр у, æррадзинад цæйбæрц у æнæзонд. 26Æз
бамбæрстон: мæлæтæй фыддæр — къæп-
пæджы 'нгæс сылгоймæгтæ; сæ зæрдæтæ —
ахсæн хызтæ, сæ къухтæ — хъадамантæ.
Хуыцауы раз раст адæймаг чи у, уый ахæм
сылгоймагæй аирвæздзæн, тæригъæдджын
йæ ахсæн хызы бахаудзæн.
27Мæнæ цы базыдтон, зæгъы Хуыцауы
ныхас амонæг, иу иннæмæ 'фтаугæйæ, ахæм
нымæц ссардтон: 28бирæ фæцагуырдтон,
стæй агургæ дæр кæнын, фæлæ иу сылгой-
магыл никуы фæхæст дæн, мины 'хсæн иу
лæджы ссардтон. 29Иу хъуыддаг бамбæрстон:
Хуыцау адæймаджы хуымæтæгæй сфæлдыс-
та, фæлæ адæм алцыдæр райдыдтой сæхи
барæнтæй барын.

**8** Куырыхонимæ кæй абардзынæ? Алцы
дын уый хуызæн чи бамбарын кæндзæн?
Куырыхоны цæсгом рухс у, Æппæтхъомыс
ын йæ цæсгомы хуыз ивы.
2Æз афтæ зæгъын: байхъус паддзахы фæ-
дзæхстмæ, афтæмæй Хуыцауы раз дæ со-
мы сæххæст кæндзынæ. 3Паддзахы цурæй
ацæуынил тагъд ма кæн, галиу хъуыддæг-
ты дæхи ма тъысс, уымæн æмæ паддзах,
цы йæ фæнда, уый бакæндзæн, 4ничи йын
зæгъдзæн, цы кусыс, зæгъгæ. 5Паддзахы
фæдзæхст чи æххæст кæны, уый фыдбы-
лызæй хизт у; куырыхон, цы кæнын хъæуы,
уый фæзоны.
6Алы хъуыддагæн дæр ис йæхи афон æмæ
тæрхон, уымæн æмæ адæмы фыдракæндтæ
уæззау сты. 7Адæймаг, фидæны цы уыдзæни,
уый нæ фæзоны, стæй йын æй чи радзурдзæн?
8Адæймаг дымгæ йæ армы нæ бауром-
дзæн, стæй йæ удыл дæр йæ бар нæ цæуы,
цы бон амæлдзæн, уый йæхицæй аразгæ нæу.
Ацы мæлæтдзаг тохæн аргъæвæн нæй, суанг
фыдгæнæг дæр йæ фыдбылызты фæрцы нæ
аирвæздзæн.
9Æз хъуыды кодтон ацы дунейыл; иутæ
ам æдзухдæр хицæуттæ сты, иннæтæ та сын
хъуамæ сæхи фыдæнæн коммæгæс уой. Иу
адæймаг иннæмæн хицау куы свæййы, уæд
æй хъизæмарæй фæмары.
10Æз федтон, фыдгæнджыты кадимæ куыд
ныгæдтой, уый. Адæм куыддæр уаз бынатæй
раздæхынц, афтæ фыдгæнджытæн, фыдбы-
лызтæ цы сахары арæзтой, уым сæ кой ферох
вæййы. Уыдæттæ дæр тагъд аивгъуыйынц!
11Фыдгæнджытæн сæ тæрхоны заман
тагъд не 'рцæудзæн, фыдбылызтæ кæнынæй
дæр уымæн нæ тæрсынц. 12Тæригъæдджын
сæдæ хатты тæригъæд ракæны, мæлæт та
йæм хæстæг нæ цæуы. Фæлæ йæ зонын:
Хуыцауæй чи тæрсы, уыдон амондджын
уыдзысты. 13Тæригъæдджын та хорзæй ни-
цы фендзæнис, аууонау фæцыдæр уыдзæн,
уымæн æмæ никуы тарст Хуыцауæй.
14Ис зæххыл, чи аивгъуыйы, ахæм хъуыд-
даг: алцы тагъд кæрæдзийы ивы, раст лæджы

баййафы фыдгæнæджы азар, фыдгæнæг та,
рæстуд цæй аккаг уыд, уый æвзары. Ногæй
та зæгъын: «Алцыдæр ивгæ кæны, алцыдæр
тагъд аивгъуыйы!»
15 Æз раппæлыдтæн цинæй: лæгæн а зæх-
хыл нуазын, хæрын æмæ цин кæнынæй
хуыздæр ницы ис. Йæ куысты фæллойæ
уыдæттæ спайда кæны, цалынмæ, Хуыцау
ын йæ зæххон цардæн цы 'мгъуыд скодта,
уый нæ ахицæн ис, уæдмæ.
16 Æз архайдтон куырыхон зондмæ баххæс-
сыныл, мæн фæндыд, зæххыл цытæ цæуы,
лæгæн æхсæвæй-бонæй йæ хуыссæг кæй
тыххæй фæлидзы, уыцы хъуыддæгтæ бам-
барын. 17 Æз федтон Хуыцауы хъуыддæгтæ
се 'ппæт дæр æмæ загътон: адæймаг, зæххыл
цытæ цæуы, уыдæттæ никуы бамбардзæн,
цыфæнды куырыхон куы уа, уæд дæр. Алцы
зонын, зæгъгæ, куы дзура, уæддæр уымæн
афтæ уæвæн нæй.

**9** Æз архайдтон бамбарын æмæ басгарын:
рæстудтæ æмæ куырыхонтæ сæхæдæг дæр
æмæ сæ хъуыддæгтæ дæр сты Хуыцауы къу-
хы; адæймаг нæ фæзоны, уарзт æви йæм
фыдæх æнхъæлмæ кæсы, уый. 2 Алкæуыл
дæр алцыдæр æрцæуы: рæстуд æмæ тæри-
гъæдджыныл; сыгъдæг æмæ, чи фæчъизи
ис, ууыл; нывæндтæ чи хæссы æмæ сæ чи
нæ хæссы, уыдоныл; сомыгæнджытыл æмæ,
сомы кæнынæй чи тæрсы, уыдоныл. 3 Дуне-
йы алцы кæуылфæнды дæр æрцæуы. Удæгас
адæймаг хæрамæй йедзагæй æмæ зондцухæй
фæцæры, уый фæстæ мæрдтыл бафты. 4 Фæлæ
удæгæстæн ис зæрдæдарæн: удæгас куыдз
мард домбайæ хуыздæр у! 5 Удæгæстæ, кæй
амæлдзысты, уый зонынц, мæрдтæ та ницы
зонынц. Лæг йæ куыстæй цы хæрзиуæгмæ æн-
хъæлмæ кæсы, ахæмæй ницыуал райсдзысты,
уымæн æмæ ферох сты. 6 Сæ уарзт, сæ фыдæх
æмæ сæ монцтæ фæцыдæр сты, зæххон цæр-
джытимæ сын æнусмæ иумæйагæй ницыуал
ис. 7 Уæдæ хъæлдзæгæй дæ хойраг хæр æмæ
цингæнгæйæ сæн нуаз, уымæн æмæ уый
Хуыцауæн æхсызгон у. 8 Райдзаст дарæсты цу,
дæ сæрмæ-иу сойæ базил. 9 Дæ цард цыбыр у,
æмæ дæ уарзон усимæ амондджынæй цæр;
бонтæ тагъд фæуынц, алы боныл дæр цин
кæн — ацы дунейы уый у дæ хай æмæ дæ
куысты хæрзиуæг. 10 Дæ бон цыдæриддæр у,
уый кæн, уымæн æмæ мæрдтыбæстæм куы
ацæуай, уæд дын уым кусын, хъуыды кæнын
æмæ куырыхон уæвынæн фадат нæ уыдзæн.
11 Ноджы ма иу хъуыддаг федтон зæххыл:
тагъд чи згъоры, уый дугъы уæлахиз нæ
кæны; хæсты, тыхджын чи у, уый нæ рам-
булы; куырыхонтæм хойраг нæй, зонджын-
тæм — мулк; курдиат кæмæ ис, уымæн аргъ
ничи кæны. Алкæмæн дæр ис йæхи рæстæг
æмæ хуыздæр фадат. 12 Адæймаг, йæ царды
æвзæр рæстæг кæд æрцæудзæнис, уый нæ
фæзоны. Кæсаг ахсæн хызы куыд бахауы,
маргъ — къæппæджы, афтæ адæймаджы
æвиппайды къæппæгмæ басайынц, æмæ
йыл фыдбылыз æрцæуы.
13 Куырыхон зонды иу дæнцæг ма федтон
зæххыл, тынг ахсджиаг у, мæнмæ гæсгæ. 14 Иу
сахары царди чысыл адæм. Иу тыхджын пад-
дзах сахармæ 'рбабырста æмæ йæ алыварс
æрхъула кодта. 15 Сахары иу мæгуыр, фæлæ
куырыхон лæг разынд æмæ йæ куырыхон
зонды фæрцы сахар фервæзын кодта, фæ-
лæ йæ уый фæстæ сахары хъуыдыгæнæг
нæ уыди. 16 Æмæ загътон: куырыхондзинад
хъаруйæ хуыздæр у, фæлæ мæгуыр лæджы
куырыхон зонд нымады дæр никæмæ у, йæ
ныхæстæм ын ничи хъусы.
17 Куырыхон лæджы сабыр ныхасмæ хъу-
сын, хицау æдылыты 'хсæн куыд хъæр кæны,
уымæ хъусынæй хуыздæр у. 18 Куырыхондзи-
над цыфæнды хæцæнгарзæй дæр хуыздæр
у, фæлæ иу лæджы рæдыд бирæ хæрзтæ
фесафы.

**10** Мард быныдзытæй хæрздæфгæнæн дæр
сысмаг вæййы; кадджын æмæ куырыхон лæг
иу чысыл куы фæрæдийы, уæд йæ куыры-
хон зонд дæр æмæ йæ кад дæр æнæпайда
фæвæййынц.
2 Куырыхоны зæрдæ раст фæндаг равзары-
ныл архайы, зондцух цæуы галиу фæндæг-
тыл. 3 Зондцух фæндагыл куы фæцæйцæуы
æмæ йын алы хъуыддаджы дæр зонд фаг куы
нæ фæкæны, уæд алкæмæн дæр йе 'дылы-
дзинад раргом вæййы.
4 Дæ паддзах дæм куы смæсты уа, уæд
дæ куыстæй ма алидз; сæрныллæгæн бирæ
рæдыдтæ ныххатыр кæнынц.
5 Барджынтæ цы хъуыддæгтæ кæнынц,
уыдонæй мæм иу тынг æвзæр фæкаст: 6 æды-
лыйы бæрзонд сисынц, хъæздыджы та æга-
ды бынаты сæвæрынц; 7 цагъар уæлбæхæй
кæсы, æлдар та фистæгæй цæуы.
8 Дзыхъхъ чи къахы, уый дзы, гæнæн ис,
йæхæдæг дæр аирвæза; зæронд къултæ чи
пырх кæны, ууыл, чи зоны, калм фæхæца.
9 Дуркæрдæг, гæнæн ис æмæ, дур кæрдгæ-
йæ, исты знаггад ракæна йæхицæн дуртæй;
хъæдддзауыл, бæлæстæ калгæйæ, чи зоны,
исты фыдбылыз æрцæуа.

10Кæд дæ фæрæт ныкъкъуымых ис, уæд дæ
фылдæр тых бахъæудзæн, цæмæй дæ куыст
кæронмæ фæуай. Цæмæй дæ куыстæн исты
фæстиуæг разына, уый тыххæй куырыхон
зонд хъæуы.
11Калмæн фæхæцыны бар куы радтай, уæд,
кæлмытæн кæлæнтæ кæнынмæ цыфæнды
дæсны куы уай, уæд дæр дзы пайда нал
уыдзæн.
12Куырыхоны ныхас фарн хæссы, æдылы-
йы йе 'взаг сафгæ кæны. 13Зондцухæн йæ
ныхасы райдиан — æдылы ныхæстæ, йæ
ныхасы кæрон — фыдбылыз хæссæг æрра-
дзинад. 14Æдылы дзурын бирæ фæуарзы.
Адæймаг нæ зоны йæ фидæн, стæй, йæ
фæстæ цы уыдзæнис, уый дæр. Чи йын æй
радзура?
15Æдылы куыстæй фæллайгæ кæны, су-
анг, сахармæ цы фæндаг цæуы, уый дæр
нал фæуыны.
16Додойаг у, йæ паддзах æвæлтæрд лæп-
пу кæмæн у, йæ уæздæттæ æхсæвæй бон-
мæ куывдты кæм бадынц, уыцы бæстæ.
17Амондджын у уыцы бæстæ, йæ паддзах
уæздан мыггагæй кæмæн у, йæ барджынтæ
фынгтыл æрмæст фæхъуыртхъом уæвынмæ
кæм æрбадынц, сæ рæстæг расыгæй кæм
не 'рвитынц.
18Магусайæн йæ хæдзары цар æркæлы, зи-
вæггæнагæн къæвда бон йæ царæй дон мизы.
19Куывд — ирхæфсынæн, сæн — хъæлдзæг
цардæн, фæлæ сæ дыууæйыл дæр æхца хардз
кæнын зонын хъæуы.
20Дæхинымæр дæр паддзахы фыдгой ма
ракæн, дæ хуыссæнуаты дæр ма рафау хъæз-
дыг лæджы — уæларвон мæргътæ дын дæ
хъуыдытæ аскъæфдзысты, дæ ныхæстæй
иунæг дæр нæ басусæг уыдзæн.

**11** Дæ исбон цæугæдоны ауадз, дзæвгар
рæстæг куы рацæуа, уæд æй ногæй ссар-
дзынæ. 2Цы дæм ис, уый авд дихы акæн
æмæ дæ исбон алыхуызон авд хъуыддаджы
бавæр — зæххыл æвзæрæй кæд цы æрцæу-
дзæн, уый ничи зоны.
3Мигътæ кæм æрæмбырд уой, уым къæвда
рауары; дымгæ бæлас кæцырдæм фæлдаха,
уыцырдæм афæлдæхы, чи зоны — цæгатæр-
дæм, чи зоны та — хуссарæрдæм. 4Фæлæ,
дымгæмæ чи кæсы, уый ницы тауы; мигъ-
тæм йæ цæст чи дары, уымæн йæ хуымтæ
æнæкарстæй баззайынц. 5Царды комулæфт
кæцæй фæзыны æмæ сывæрджын сылгой-
маджы гуыбыны сывæллоны стджытæ куыд
сæвзæрын кæны, уый куыд ничи зоны, афтæ,
алцы Кæй архайды фæрцы сырæзы, уыцы
Хуыцауы хъуыддæгтæ дæр ничи бамбардзæн.
6Сæумæрайсом-иу мыггаг тауынмæ рацу,
изæрыгон дæр дæ фæллад ферох кæн, уымæн
æмæ тауын кæд хуыздæр у, уый нæ зоныс.
Чи зоны, изæр дæр æмæ райсом дæр, цы
байтыдтай, уымæй дæхицæн исты спайда
кæнай, чи зоны та æрмæст изæрæй кæнæ
райсомæй.
7Рухс æхцон у, ног бон уынын æхсызгон у.
8Фæлæ, бирæ чи цæры, уый алы азыл дæр
цин кæнæд æмæ дзы рох ма уæд: æвзæр æмæ
дзы сау бонтæ дæр бирæ уыдзæн. Уыдон дæр
тагъд аивгъуыйдзысты!
9Мæ лæппу! Цалынмæ æрыгон дæ, уæдмæ
дæ рæстæг хъæлдзæгæй æрвит, де 'рыгон
бонты царды цинæй бафсæд; дæ зæрдæйы
фæндиаг, дæхимæ хуыздæр куыд кæсы, дæ
цæстытæн æхсызгон цы у, уый кæн, фæлæ
зон: дæ хъуыддæгтæн дын Хуыцау тæрхон
кæндзæн. 10Æвзонг бонтæй фæстæмæ дæ
зонд хъахъхъæн хъизæмарæй, дæ буармæ
æвзæрæй хæстæг мацы уадз, уымæн æмæ са-
бибонтæ æмæ 'взонгад тагъд аивгъуыйынц.

**12** Æвзонджы бонтæй ма рох кæн, Сфæл-
дисæгимæ дæ сæмбæлын кæй хъæуы, уый,
науæд фидæны фæсмон кæндзынæ æмæ
дзурдзынæ: «Бафæлладтæн цардæй!» 2Уæд
хур, мæй æмæ стъалыты рухс нал фендзынæ,
къæвда нæма фæуыдзæн, афтæ фæстæмæ
мигътæй дæхи æмбæхсдзынæ. 3Ахæм рæс-
тæг æрцæудзæн, æмæ хъахъхъæнджытæ
фыр тæссæй нырриздзысты, тыхджынтæ
фæкæлдзысты, куыройгæстæ сæ куыст ныу-
уадздзысты, уымæн æмæ дзæвгар фæкъад-
дæр уыдзысты; рудзгуытæй чи кæсы, уыдон
ницыуал фендзысты. 4Уынгмæ цы дуæрттæ
цæуынц, уыдон æхгæд æрцæудзысты, ку-
ыройы фыдтæн сæ зилын нал хъуысдзæн.
Ахæм адæймаг-иу мæргъты уастæй дæр
фехъал уыдзæн сæумæрайсом, фæлæ за-
рæджы зæлтæ нал фехъусдзæн. 5Искуыдæм
бæрзонд схизынмæ йæ ныфс нал хæсдзæн,
цæугæ дæр кæндзæн тæрсгæ-ризгæйæ. Йæ
дзыккутæ æхсæр бæласы дидинджытау сурс
уыдзысты, цъырцъыраг дæр æм уæззау кæс-
дзæн, йæ монцтæй ницыуал баззайдзæн.
Афтæмæй йе 'нусон хæдзармæ ацæудзæн,
фæндагыл йæ алыварс æрæмбырд уыдзыс-
ты хъарæггæнджытæ. 6Æвзист рæхыс куы
'рбаскъуына, сыгъзæрин кæхц куы 'рбасæтта,
суадоны былыл дурын куы ныппырх уа, цъа-
йы сæрмæ донисæн хъæд куы асæтта, 7уæд,
зæххæй цы рыг ист æрцыд, уый фæстæмæ

зæххыл бафтдзæн, уд та, Чи йæ радта, уы-
цы Хуыцаумæ раздæхдзæн. 8 Алцæмæн дæр
кæрон æрцæуы, — зæгъы Хуыцауы ныхас
амонæг, — алцыдæр аивгъуыйы!

9 Хуыцауы ныхас амонæг куырыхон лæг
уыди, адæмæн-иу зонд амыдта; алцыдæр
бафæлвæрдта æмæ басгæрста, бирæ æм-
бисæндтæ ныффыста. 10 Хуыцауы ныхас
амонæг архайдта аив ныхæстæ ссарыныл,
æмæ, æцæгдзинад цы дзырдты ис, уыдон
ныффыста раст.
11 Куырыхонты æмбисæндтæ — фос тæ-
рæджы лæдзæджы æнгæс, хост зæгæлтау
адæймаджы зæрдæйы ахизынц. Чи сæ фыста,
уыдоны иу Фыййау рарвыста. 12 Мæ лæппу,
уыдонæй фæстæмæ цы ис, уыдæттæй дæхи
хиз. Бирæ чингуытæ ныффыссыныл куы
архайай, уæд сын кæрон нæ уыдзæни, би-
рæ кæсынæй адæймагæн йе ’нæниздзинад
сæфгæ кæны. 13 Ныр æппæт адæттæм куы
байхъуыстай, уæд дын мæнæ мæ ныстуан:
кад кæн Хуыцауæн æмæ Йын Йæ фæдзæхс-
тытæ æххæст кæн, уымæн æмæ адæймагæй
æндæр ницы баззайы æнусмæ. 14 Уымæн
æмæ Хуыцау тæрхон кæндзæн алы хъуыдда-
гæн, уыимæ — сусæг хъуыддæгтæн, хорзæй,
æвзæрæй.

# Зарджыты зарæг

Ацы чиныг у рагон дзуттаг поэмæты æмбырдгонд, дзуттаг традици йæ бæтты паддзах Соломоны номимæ. Зарджыты фæлгонцтæ æмæ абарстытæ сты рагон Хæстæг Скæсæны культурæ æмæ царды уаг æвдисæг, уымæ гæсгæ алы хатт æнцон тæлмацгæнæн нæ вæййынц. Дыууæ уарзоны иудадзыг кæрæдзийы барынц, рæсугъддæрæй цы зонынц, уыдæттимæ: хъуазы фидауц æмæ рæузмæлдимæ, паддзахы æфсады кад, рæгъæд фæткъуыты хæрздæф æмæ адджын сæнимæ.

Фæлæ кæд чиныг чызг æмæ лæппуйы æнкъарæнтæй уæлдай ницæуыл дзуры, уæд цæмæн бахауди Сыгъдæг Фыстмæ? Уымæн æмæ нысан кæны: нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы æхсæн уарзондзинад чъизи хъуыддаг нæу. Уый у, Сфæлдисæг адæймагæн цы сныв кодта, уыцы уазвæнды хай.

Уымæй уæлдай ма, дзуттæгты хъуыдымæ гæсгæ, ацы чиныджы фæсномыгæй æвдыст цæуы Дунедарæджы уарзон ахаст Йæ адæммæ. Чырыстæттæ та йæ арæх æмбæрстой куыд Чырысти æмæ чырыстон æхсæнады 'хсæн ахастдзинæдты фæсномыгæй равдыст.

Динамонджытæн сæ иутæ дæр æмæ сæ иннæтæ дæр ацы чиныджы дыууæ уарзæгой адæймаджы цæдис барстой, Хуыцауы чи уарзы, уыцы уд æмæ йæ Уарзоны баиуимæ.

---

**1** Соломоны зарджытæн сæ хуыздæр.

*Чызг — йæ уарзонæн:*

— О, бафсад мæ дæ батæй!
Дæ рæвдыд — адджындæр сæнæй!
2 Дæ хæрздæф хъары уæлдæфы,
дæ ном у адджын
миррæйы хæрздæфау,
чызджытæ дæ уымæн уарзынц.
3 О, ахон мæ, мах лидздзыстæм
дæ фæдыл!
О, паддзах мæ æрбакодта
йæ галуанмæ!

*Йерусалимы чызджытæ:*

— Зæрдæскъæфт фæуыдзыстæм
æмæ дыл цин кæндзыстæм,
дæ рæвдыд дын
сæнæй фылдæр стаудзыстæм —
аккаг уарзтæй дæ уарзынц чызджытæ!

*Чызг:*

4 — Йерусалимы чызджытæ!
О, сау дæн æз, фæлæ рæсугъд —
кедаронты халагъудтау,
Соломоны цатыртау.
5 О, сау дæн, уымæ ма кæсут —
мæ буар хурмæ басыгъди.
Ме 'фсымæртæ мæм смæсты сты:
сæ сæндæттæм мын
бафæдзæхстой зилын —
мæхи сæндон нæ бахъахъхъæдтон!

*Чызг:*

6 — Зæгъ-ма мын, мæ уарзон,
кæм хизыс дæ фосы дзуг,
кæм улæфыс æмбисбон йемæ?
Дæу агурæг кæдмæ зилдзынæн
де 'мбæлтты рæгъæуттыл?

*Йерусалимы чызджытæ:*

7 — Уæ, сылгоймæгты рæсугъддæр!
Кæд уыдæттæ нырмæ нæ зоныс,
уæд цу æмæ фыййæутты цатырты
алыварс
хиз дæ фыстæ æмæ дæ сæгъты.

*Лæппу:*

8 — О мæ хур!
Фараоны бæхуæрдоны
кæй баифтындзынц,
уыцы ефсимæ дæ абарин!
9 Куыд рæсугъд сты
фæлындæнты бын дæ рустæ,
фæрдгуыты бын дæ дæллагхъуыр
куыд аив у!
10 Сыгъзæрин фæлындæнтæ дын
сараздзыстæм,
саив сæ кæндзыстæм æвзистæй.

*Чызг:*

11 — Цалынмæ паддзах йæ фынджы
уæлхъус бадти,

**1:4** Кедаронтæ — араббаг знæм Цæгат Аравийы. Кедар — Измаелы фырттæй иу (Райд 25:13).

уæдмæ мæ кæрдæджыты хæрздæф
уæлдæфы нæ атад.
12 Мæ уарзон хæрздæфгæнаг миррæйау
æрæнцадис мæ риуыл.
13 Мæ уарзон мæнæн — Ен-Гедийы
сæндæтты дидинджыты хæрздæф!

*Лæппу:*
14 — О мæ уарзон,
цæй диссаджы рæсугъд дæ!
Бæлæтты ’нгæс — дæ цæстытæ.

*Чызг:*
15 — О мæ зынаргъ,
цæй диссаджы рæсугъд дæ!
Нæ хуыссæн — цъæх нæуу,
16 нæ уæлхæдзар — нæзытæ,
нæ систæ — кипаристæ.

*Чызг:*
**2** — Æз — шаройнаг нарцисс, дæлвæзты
кæркусæг!

*Лæппу:*
2 — Кæркусæг сындзыты ’хсæн
ивддзаг куыд нæ кæны,
афтæ мæ уарзон чызджыты астæу
бæрæг дары.

*Чызг:*
3 — Фæткъуы бæлас
хъæддаг бæлæсты ’хсæн
ивддзаг куыд нæ кæны,
афтæ мæ уарзон
лæппуты астæу бæрæг дары;
æхсызгон мын у йæ аууоны бадын,
адджын мын сты йæ дыргъытæ.
4 Мæ уарзон мæ йæ куывдмæ бахуыдта,
йæ уарзты тырыса
фæйлауы мæ сæрмæ.
5 Фæфидар мæ кæнут адджинæгтæй,
фæткъуытæй мæ ауазал кæнут,
уымæн æмæ судзын фыр уарзтæй!
6 Йæ галиу къух мын бакодта
мæ сæры бын,
рахизæй мæ ’рбатыхта йæ хъæбысы.
7 Йерусалимы чызджытæ!
Сычъитæ æмæ быдираг хъуазтæй
расомы кæнут:
ма райхъал кæнут уарзт,
ма йæ фæхъыгдарут,
цалынмæ йæхи бафæнда, уæдмæ!

*Чызг:*
8 — Мæ уарзоны хъæлæс хъуысы!
Хæхтæ æмæ къуыбырты сæрты мæм
гæппытæгæнгæ ’рбазгъоры.
9 Сычъийы хуызæн,
саджы ’нгæс у мæ уарзон.
Мæнæ нæ сисы цур æрлæууыди,
рудзынгмæ кæсы,
хызæджы уылты ’рбакæсы мидæмæ.
10 Мæ уарзон мæм дзуры:
«Сыст, мæ хур, мæ рæсугъд,
ракæс мæм æддæмæ!
11 Кæсыс, зымæг фæцис,
уарынтæ банцадысты,
12 зæххы бынæй дидинджытæ
скастысты;
зарын афон ралæууыд, нæ бæстæйы
бæлæтты зарын хъуысы.
13 Фæкъуыбар сты легъуи бæлæстæ,
дидинæг калынц
сæнæфсиры талатæ,
сæ хæрздæф хъары уæлдæфы.
Сыст, мæ уарзон,
ракæс мæм æддæмæ!
14 О, мæ бæлон,
комы айнæджы бын чи бамбæхст!
Ратт мын дæ фенины бар,
фехъусын мын кæн дæ хъæлæс —
адджын у дæ хъæлæс,
дæ цæсгом — диссаджы рæсугъд!»

15 — Æрцахсут-ма нын рувæсты
æмæ сæ лæппынты!
Нæ сæндæттæ нын сафынц
сæ тæккæ дидинæг æфтаугæйæ!

*Чызг:*
16 — Мæ уарзон мæн у,
æз та уый дæн,
йæ дзуг кæркусæгты ’хсæн хизы.
17 Цалынмæ нæма сбон ис
æмæ ауæттæ нæ фæцыдæр сты,
уæдмæ саг кæнæ сычъийау
хæхты цъассытыл лидзгæ кæн,
мæ уарзон!

*Чызг:*
**3** — Æхсæвы мæ уарзоны агуырдтон мæ
хуыссæны,
фæлæ йæ не ссардтон.
2 Уæдæ ныр сыстон æмæ сахарыл
æрзилон, уынгты æмæ фæзты
агурон мæ уарзоны.
Фæцагуырдтон æй,
фæлæ йæ не ссардтон.
3 Хъахъхъæнджытыл амбæлдтæн —
уыдон зылдысты сахарыл,

фарстон сæ:
«Нæ мын федтат мæ уарзоны?»
4 Куыддæр сæ цурæй ацыдтæн,
афтæ дын мæ уарзоны куы ссарин!
Ныххæцыдтæн ыл,
нал æй суæгъд кодтон,
цалынмæ йæ не 'рбакодтон
мæ мады хæдзармæ,
мæ ныййарæг мады уатмæ.
5 Йерусалимы чызджытæ!
Сычъитæ æмæ быдираг хъуазтæй
расомы кæнут:
ма райхъал кæнут уарзт,
ма йæ фæхъыгдарут!

*Адæм:*

6 — Акæсут-ма, æдзæрæг быдырæй
арты фæздæгау чи ссæуы,
йæ алыварс —
буд æмæ миррæйы хæрздæф,
алы хæрздæфгæнæнтæ
судзынц йæ разы, афтæмæй?
7 Мæнæ — Соломоны къухтыхæсгæ
паддзахы бадæн,
йæ разы — æхсай гуыппырсары,
Израилы тыхджындæртæ.
8 Се 'ппæт дæр —
фæлтæрд æфсæддонтæ,
кæрдтæй — ифтонг;
алкæмæн дæр — йæ кард йæ фарсыл:
æхсæвыгон мацæмæй уа тас.
9 Соломон йæ паддзахы бадæн
сарæзта ливайнаг нæзытæй;
10 йæ цæджындзтæ — æвзистæй,
йæ фæсонæнцайæн —
сыгъзæринæй,
йæ бадæн — сæнт сырх хъуымацæй
фæлыст,
Йерусалимы чызджытæ йæ
зæрдиагæй саив кодтой мидæгæй.
11 Сионы чызджытæ!
Рацæут æмæ паддзах Соломоны
кады худ фенут!
Йæ ныййарæг мад ыл æй
йæ чындзæхсæвы,
йæ цины бон æркодта!

*Лæппу:*

**4** — О, цæй рæсугъд дæ, мæ уарзон,
цæй диссаджы рæсугъд дæ!
Хызы бын бæлæтты 'нгæс —
дæ цæстытæ!
Галаады хохы сæрæй
цыма сæгътæ 'рцæйцæуынц,
уыйау дæ дзыккутæ фæйлауынц.
2 Ногæлвыд фыстæ
цыма найæнæй рацæуынц,
уыйау урс сты дæ дæндæгтæ;
алкæмæн дæр дзы —
фæйнæ уæрыччы,
иу дæр дзы йæ ныййарæг мадæн
сæфт нæу.
3 Дæ былтæ сты
сырх ленты 'нгæс, хæрзаив.
Хызы бын дæ рустæ
гранаты 'рдджытау — сырх.
4 Давиды мæсыг — тохы бонæн амад,
уый æнгæс — дæ хъуыр:
мин уартæй йæ сфæлыстæуыд,
иууылдæр — æфсæддонты уартытæ.
5 Дæ риутæ — саджы дыууæ лæппыны
кæнæ сычъийы фаззæттæ,
кæркусæгты 'хсæн хизынц.
6 Цалынмæ нæма сбон ис
æмæ аууæттæ нæ фæцыдæр сты,
уæдмæ ацæудзынæн дидинфæлыст
хохмæ, буд бæлæсты къуыбырмæ.
7 О мæ уарзон!
Къахæй сæрмæ диссаджы рæсугъд дæ!
Иу аипп дæр дæм нæй ссарæн!
8 Мæ къайаг, цом мемæ Ливанæй!
Фæтагъд мæм кæн
Аманайы хохы сæрæй,
Сенир æмæ Ермоны бæрзæндтæй,
домбæйтты лæгæтæй,
фыранчытæ цы хæхты 'мбæхсынц,
уырдыгæй!
9 Мæ хо, мæ къайаг,
зæрдæскъæфт мæ фæкодтай
дæ иу бакастæй,
æрмæст дæ хъуыры ауыгъд
фæрдгуытæй!
10 О мæ хо, мæ къайаг!
Куыд æхсызгон мын у дæ рæвдыд,
о, цас адджындæр у сæнæй!
Дæ буары хæрздæф — дунейы æппæт
хæрздæфгæнæнтæй хуыздæр!
11 О, мæ къайаг! Дæ былтæ —
адджындæр мыдæй,
де 'взаджы бынæй тæдзы
æхсыр æмæ мыд,
дæ дарæсы тæф —
ливайнаг нæзыты хæрздæфау.
12 О, мæ хо, мæ къайаг!
Æхгæд дыргъдон,
æхгæд цъайы æнгæс дæ!
Ды — донгуырæн,
фæлæ дæ нуазæн нæй!
13-14 Дæ дыргъдоны зайынц
гранат бæлæстæ,

æмбисонды хæрзад дыргътимæ;
шафран, хæрздæфгæнаг хъæз
æмæ корицæ,
алыхуызон буд бæлæстæ;
алой æмæ миррæ —
алы диссаджы хæрздæфгæнæнтæ.
15 Дæ дыргъдоны астæу — донгуырæн,
ног донимæ цъай,
Ливаны хæхтæй кæлы.

*Чызг:*
16 — О, райхъал у, цæгаты дымгæ!
О хуссары дымгæ, фæзын!
Мæ дыргъдоныл мын радым,
уадз, йæ хæрздæф уæлдæфы ахъæра!
Уадз, мæ уарзон æрбацæуа
йæ дыргъдонмæ,
йæ адджын дыргътæй йын бахæра!

*Лæппу:*
5 — Мæ хо, мæ къайаг!
Æз æрбацыдтæн мæ дыргъдонмæ,
æрæмбырд кодтон мæ миррæ,
мæ хæрздæфгæнæнтæ;
бахордтон мæ мыдæй,
бануæзтон мæ сæн æмæ ме 'хсырæй.

*Йерусалимы чызджытæ:*
— Хæрут æмæ нуазут, лымæнтæ!
Нуазгæ кæнут,
уæхи бафсадут, уарзæттæ!

*Чызг:*
2 — Фынæй кæнын,
фæлæ мæ зæрдæ хъал у,
æз хъусын — хойы мæм мæ уарзон:
«Мæ хо, мæ уды гага, мæ сыгъдæг бæ-
лон, байгом мын кæн дуар!
Æхсæвы уымæлæй
мæ сæры хъуын ныддонласт».
3 Ныридæгæн мæ дарæс раластон,
куыд ма йæ скæнон ногæй?
Æхсад сты мæ къæхтæ,
фæстæмæ сæ куыд чъизи кæнон?
4 Мæ уарзон мæм дуары зыхъхъырæй
йæ къух æрбадардта,
æмæ мæ зæрдæ, ризгæйæ,
ныггуыпп-гуыпп кодта.
5 Æз сыстадтæн, цæмæй мæ уарзонæн
дуар байгом кæнон,
миррæйы 'ртæхтæ мæ къухтæй,
ме 'нгуылдзтæй,
гуыдырыл тагъдысты.
6 Дуар байгом кодтон мæ уарзонæн,
фæлæ уæдмæ уым нал уыд, ацыди.
Фæцыдæр ис,
æмæ фæцæйтыдта мæ зæрдæ,
агуырдтон æй, фæлæ йæ нал ардтон,
сидтæн æм,
фæлæ мын дзуапп нæ лæвæрдта.
7 Хъахъхъæнджытыл сæмбæлдтæн —
зылдысты сахарыл.
Фæнадтой мæ, фæцæфтæ мæ кодтой,
мæ уæлæфтау мын раластой
мæ уæлæйæ
сахары систæ хъахъхъæнджытæ!
8 Йерусалимы чызджытæ!
Расомы кæнут:
мæ уарзоныл мын куы сæмбæлат,
уæд-иу ын зæгъут,
фыр уарзтæй мæ туг кæй байсысти!

*Йерусалимы чызджытæ:*
9 — О, сылгоймæгты рæсугъддæр!
Дæ уарзон иннæтæй
цæмæй хуыздæр у?
Ард хæрын нын цæмæн кæныс?

*Чызг:*
10 — Мæ уарзон урсцъар у, сырхуадул,
дæс мин лæджы 'хсæн
йемæ абарæн дæр никæй ис!
11 Йæ сæр — сыгъдæг сыгъзæрин,
йæ сæрыхъуынтæ — къæбæлдзыг,
сынты базыртау сау.
12 Йæ цæстытæ
доны был бадæг бæлæттау
сæхи найынц æхсыры,
цады цур бадынц.
13 Йæ рустæ —
дидинджыты къох,
сæ хæрздæф хъары уæлдæфы.
Йæ былтæ сты кæркусæгты 'нгæс,
миррæйы сой сæ тæдзы.
14 Йæ къухтæ —
сыгъзæрин кæхцытæ,
топазтæй сæ сфæлыстæуыд.
Йæ гуыбын —
пылыстæг,
цыма йæ саив кодтой сапфиртæй.
15 Йæ уæрджытæ —
мраморæй конд цæджындзтæ,
сæ бындуры —
сыгъзæрин бынæнцайæнтæ.
Мæ уарзон у Ливаны хæхты 'нгæс,
ливайнаг нæзытау — фыр рæсугъд!
16 Йæ былтæ — адджын,
алцæмæй йæхимæ 'лвасы.
О, Йерусалимы чызджытæ!
Ахæм у мæ уарзон, ахæм у мæ лымæн!

*Йерусалимы чызджытæ:*

6 — О сылгоймæгты рæсугъддæр!
Кæдæм ацыди дæ уарзон?
Кæцырдæм фæраст ис?
Цом, иумæ йæм агурæг фæцæуæм.

*Чызг:*

2 — Мæ уарзон йæ дыргъдонмæ
ныццыди,
дидинджыты хæрздæфгæнаг къохмæ;
уым хиздзæнис йæ дзуг,
кæркусæгтæ æмбырд кæндзæнис.
3 Мæ уарзон мæн у, æз та уый дæн,
йæ фысты дзуг кæркусæгты ’хсæн хизы.

*Лæппу:*

4 — О мæ уарзон!
Йерусалимау, Тирцайау рæсугъд дæ,
тырысатимæ цæуæг æфсæдтау —
тасæфтауæг!
5 О, ма мæм кæс,
дæ цæстæнгас мæ судзы!
6 Галаады хохы сæрæй
цыма сæгътæ ’рцæйуайынц,
уыйау дæ дзыккутæ фæйлауынц;
ногæлвыд фыстæ
цыма найæнæй рацæйцæуынц,
уыйау урс сты дæ дæндæгтæ;
алкæмæн дæр дзы — фаззон,
иу дæр дзы иунæг нæу.
7 Хызы бынæй гранаты ’рдджытау
сырхæй зынынц дæ рустæ.

8 Æртиссæдз — мæ ус-паддзæхтæ,
мæ номылустытæ — цыппарыссæдзы,
æнæнымæц — чызджытæ,
9 фæлæ се ’хсæн иунæг уый
равзæрстон — мæ сыгъдæг бæлоны;
йæ ныййарæг мадæн — иунæг чызг,
йæ цæсты рухс.
Чызджытæ йæм кæсынц
æмæ йæ стауынц,
кад ын кæнынц ус-паддзæхтæ
æмæ номылустытæ.

*Йерусалимы чызджытæ:*

10 — Чи у уый, чи æрттивы сæуæхсидау?
Мæйау диссаджы рæсугъд чи у?
Чи ныррухс ис хурау?
Тырысатимæ цæуæг æфсæдтау
чи у тасæфтауæг?

*Чызг:*

11 — Æз æрцыдтæн
æнгуз бæлæсты къохмæ —
дæлвæзы халсартæм бакæсынмæ:
сæнæфсиртæ æмæ гранаттæ дидинæг
æфтауынц æви нæ.
12 Мæхæдæг дæр æй нæ бамбæрстон,
афтæ куыд рауадис, уый,
фæлæ мæ адæмы уæздæттæн
сæ уæрдæтты цур февзæрдтæн!

*Йерусалимы чызджытæ:*

7 — О, раздæх-ма, раздæх, Суламитæ!
Раздæх-ма, æмæ дæм бакæсæм!

*Лæппу:*

— Цæмæн кæсут Суламитæмæ,
раст цыма маханаимаг кафт кæны,
уыйау?
2 О номджын мыггаджы чызг!
Куыд рæсугъд сты къахыдарæсы
дæ къæхтæ!
Фæрдгуыты ’нгæс —
дæ синтæ,
дæсны нывгæрдæг сæ сфæлдыста!
3 Дæ бикъ — тымбыл кæхцы æнгæс,
хæрздæф сæн æвидигæ у йæ мидæг;
мæнæуугæрдæджы дидинбаст —
дæ гуыбын,
кæркусæгтæ йæ алыварс.
4 Дæ риутæ — саджы дыууæ лæппыны,
сычъийы фаззæттæ.
5 Дæ хъуыр —
пылыстæгæй конд мæсыгау.
Баш-Раббимы кулдуары цур —
Хешбоны донуæттæ,
уыдоны ’нгæс — дæ цæстытæ.
Цыма ливайнаг мæсыг
Дамаскы ’рдæм кæсы,
уый æнгæс — дæ фындз.
6 Дæ сæр — Кармелы хох,
дæ сæрыхъуынтæ — сæнт сырх,
дæ къæбæлдзыг дзыккутæ
фæсырдтой йе ’нцой паддзахæн.
7 Цæй рæсугъд дæ, мæ уарзон,
дæ хæрзаивæй зæрдæйæн
цæй адджын дæ!
8 Дæ гуыр хæрзконд у пальмæйау,
дæ риутæ — сæнæфсиры цупæлттæ.
9 Æз ахъуыды кодтон:
схиздзынæн пальмæмæ,
баныхæсдзынæн йæ къалиутыл,
дæ риутæ мын
сæнæфсиры цупæлттæ фестдзысты,
дæ улæфт та —
фæткъуыты хæрздæф,
10 дæ былты хæрздæф
нуаздзынæн сæнау.

*Чызг:*
— Уадз ацы сæн мæ былтæй
мæ уарзонæн йæ комы ахъара!

11 Æз мæ уарзоны дæн,
уый мæнмæ бæллы.
12 Цом, мæ уарзон, быдырмæ дæ хонын,
не 'хсæв хъæуты арвитдзыстæм,
13 боныцъæхтыл сæндонмæ
ацæудзыстæм æмæ фендзыстæм,
фæкъуыбар ис сæнæфсир æви нæ,
мыййаг, кæд дидин
ракалдта гранат, —
мæ рæвдыдæй дæ
бафсаддзынæн уым.
14 Мандрагорты хæрздæф
хъары уæлдæфы,
нæ къæсæры раз —
алыхуызон диссаджы дыргътæ,
зæрæдтæ æмæ ногтæ.
Дæуæн сæ бавæрдтон, мæ уарзон!

*Чызг:*
**8** — Ехх, ме 'фсымæр куы фестис,
мæ ныййарæг мад дæ
йæ риуæй куы схастаид!
Уæд дын, уынджы фембæлгæйæ,
батæ кæнин,
æмæ мыл ничи фæхудид.
2 Æрбакæнин дæ мæ ныййарæг мады,
мæ хъомылгæнæджы, хæдзармæ.
Бафсадин дæ, хъацæнтæ
цы сæныл конд ис, уымæй,
мæ гранаты донæй.

3 Йæ галиу къух мын бакодта
мæ сæры бын,
рахизæй мæ 'рбатыхта йæ хъæбысы.
4 О, Йерусалимы чызджытæ,
расомы кæнут:
ма райхъал кæнут,
ма фæхъыгдарут уарзт,
цалынмæ йæхи бафæнда, уæдмæ!

*Йерусалимы чызджытæ:*
5 — Чи у уый, æдзæрæг быдырæй
чи ссæуы,
йæ къух йæ уарзоны дæлармы
бакодта, афтæмæй?

*Чызг:*
— Фæткъуы бæласы бын дæ
райхъал кодтон —
уым равзæрди дæ гуырдз,
уым рантыстæ дæ ныййарæг мадæн.
6 О, макуы мæ фæхицæн кæн
дæ зæрдæйæ,
о, де 'нгуылдзыл мæ
къухдарæнау бакæн!
Уымæн æмæ уарзондзинад
тыхджын у мæлæтау,
мæрдтыбæстау æгъатыр у
зæрдæхсайд,
йæ фæттæ пиллон артау судзынц!
7 Уарзондзинад денджызы бын дæр
нæ ахуысдзæн,
цæугæдæтты бын
нæ фæдæлдон уыдзæн.
Йæ хæдзары æппæт хæзнатæ
уарзондзинадыл чи ива,
ууыл æрмæст фæхуддзысты.

*Чызджы æфсымæртæ:*
8 — Нæ хо чысыл у нырма,
риуы хъæр ыл нæма ис,
курæг æй куы фæуа,
уæд цы кæндзыстæм?
9 Кæд сис у, уæд ыл самайдзыстæм
æвзист галуантæ;
кæд дуар у, уæд æй сæхгæндзыстæм
нæзы фæйнæджытæй.

*Чызг:*
10 — О, сис дæн æз,
мæ риутæ та — мæсгуытæ,
йæ хорзæхы аккаг мæ
уымæн скодта!

11 — Соломонæн Баал-Хамоны — сæндон,
хъахъхъæнджыты бæрны йæ бакодта.
Уыдонæй йын алчидæр йæ дыргътæн
хъуамæ фида мин æвзист шекелы.
12 Мæнæн мæ сæндон у мæхи бар!
Мин æвзист шекелы
дæу фæуæд, Соломон,
фæйнæ дыууæсæдæ шекелы та —
дæ сæндондартæн!

*Лæппу:*
13 — О дыргъдæтты цæрæг!
Дæ хъæлæсмæ дын
хъусынц де 'мбæлттæ,
фехъусын æй кæн мæнæн дæр!

*Чызг:*
14 — О, лидзгæ кæн, мæ уарзон!
Хæрздæфгæнаг кæрдæджытæ
цы хæхтыл зайынц,
уыдоны сæрты саг
кæнæ сычъийау азгъор!

# Пехуымпар Исайайы чиныг

Йерусалимы уазлæггадгæнæг пехуымпар æмæ сауджын Исайа Хуыцауы ныхас Иудейы адæммæ хæццæ кодта Чырыстийы райгуырды агъоммæ VIII æнусы дыккаг æмбисы. Ацы чиныг у «Стыр пехуымпарты» (Йеремиа, Езекиел æмæ Даниил) цыппар чиныгæн сæ фыццаг. Дих кæны цалдæр хайыл.

1–39 сæртæ хауынц 740–700 азтæм. Уыцы заман тыхджын ассириаг импери саста æмæ йæ дæлбар кодта, йæ алфамбылай цы чысыл паддзахæдтæ уыди, уыдон. Ассири цæгатаг дзуттаг паддзахад Израил куы ныппырх кодта, уæд уыцы хал ахæрынæй тæссаг уыди хуссайраг паддзахад Иудейæн дæр. Паддзах Езекиа Ассирийы дæлбар бацæуыныл куынæ сразы, уæд Ассирийы паддзах йе ’фсад арвыста Йерусалим ныппырх кæнынмæ (701 аз). Кæд паддзахадыл ахæм æвирхъау политикон цаутæ ныккалди, уæддæр Исайа дзырдта, Иудейæн æцæг тæссаг кæй у йе ’ддагон знæгтæй нæ, фæлæ йæхи тæригъæдтæй, Хуыцауы коммæ нæ кæсын æмæ Йыл не ’ууæндынæй. Цыренгæнæг ныхасæй æмæ символикон архайдæй пехуымпар сидтис адæммæ æмæ сæ фæтæгтæм, цæмæй галиу хъуыддæгтыл сæ къух сисой æмæ раст фæндагыл ныллæууой. Уый рагацау хъусын кодта адæмæн, Дунедарæджы коммæ куынæ кæсой, уæд хæлæттаг кæй фæуыдзысты, Хуыцауы азар сæ кæй баййафдзæни, уый. Кæд цыфæнды бæллæхтæ цыди, уæддæр Исайа дзырдта, кæй ралæудзæнис ахæм заман, æмæ Хуыцауы адæмæн фарнимæ паддзахиуæг кæндзысты Давиды байзæддæгтæ.

40–55 сæртæ схонæн ис «Ныфсæвæрæн чиныг». Æвдисынц, Иудейы адæм Вавилоны бæстæйы уацары куы уыдысты, уыцы заман (VI æнусы фыццаг æмбис). Йæ зæххæй чи фæхауæггаг ис, уыцы ссæст адæмæн пехуымпар фехъусын кодта, Дунедарæг сæ тагъд кæй ссæрибар кæндзæн æмæ сæ фæстæмæ Йерусалиммæ кæй раздахдзæн, уый. Чиныджы ацы хайы ахсджиагдæр темæтæй иу — Дунедарæгмæ ис фидæн зоныны æмæ Йæ дзырд сæххæст кæныны хъомыс. Вавилойнæгтæ æмæ иннæ адæмтæ цы хуыцæуттæм кувынц, уыдон та æнæбон фæлгонцтæй уæлдай ницы сты. Уыимæ Дунедарæг æрмæст дзуттæгты Хуыцау нæу, фæлæ дунейы æппæт адæмты Хуыцау дæр у, æмæ Йæм уыдон иууылдæр иу заман æрцæудзысты, дзуттаг адæмæй æвдисæйнæгтæ райсгæйæ. Ацы ран ма ноджы ис цыппар ахсджиаг скъуыддзаджы (42:1-4; 49:1-6; 50:4-9; 52:13–53:12) цавæрдæр «Хуыцауы цагъары» тыххæй. Уый абарæн ис Израилы адæмимæ дæр æмæ, Израилы адæмы æппæт бæллæхтæй чи фервæзын кæндзæн, Хуыцау зæрдæ кæмæй бавæрдта, уыцы Мессиаимæ дæр. (Ацы рагуацтæ Ног Фæдзæхст бætты Назаретаг Йесоимæ.)

56–66 сæрты фылдæр хатт дзырдæуы, Хуыцауы адæмæн Хуыцауы ныфсæвæрдтыл се ’ууæнк фæфидардæр кæнын куы хъуыд, уыцы рæстæгыл (чи зоны, Вавилонæй æрбаздæхыны фæстæ). Ацы сæрты æвдыст цæуы, æхсæнады цард цас раст æвæрд у æмæ адæм Хуыцаумæ цас зæрдæбынæй кувынц, уый. Иузæрдион Ыл чи у, уыдонæн Дунедарæг ныфс æвæры рухс фидæнæй Йæхи арæзт ног дунейы. Уыцы, æгæрон цинæй йемыдзаг, дунейы бынат уыдзæн æрмæст дзуттæгтæн нæ, фæлæ æппæт адæмты минæвæрттæн дæр.

---

**1** Дунедарæг Хуыцау иудейаг паддзæхтæ Озиа, Иотам, Ахаз æмæ Езекиайы заманты Иудей æмæ Йерусалимы сомбоны фæдыл Амоцы фырт Исайайæн рагагъоммæ кæй равдыста, уыцы цæстылуайæнтæ.

2 Æрыхъус, арв, æрбайхъус, зæхх!
Афтæ зæгъы Дунедарæг:
«Схъомыл кодтон, схастон Æз фырттæ,
уыдон та сыстадысты Мæ ныхмæ!
3 Гал зоны йæ хицауы,
хæрæг — йæ кæвдæс,
израилæгтæ та нæ зонынц,
Мæ адæм та не ’мбарынц».

4 Додойаг фестут, тæригъæдджын адæм,
æгæр стыр у уæ азым!
Фыдгæнджыты мыггаг,
фыдбоны гуырдтæ!
Ныууагътат Дунедарæджы,
Израилы Стыр Хуыцауы нал хъуыды кæнут,
уæ чъылдым Æм раздæхтат.

5 Надцух ма стут, æнæсæттонтæ?
Сæр хъæдгæмттæй куынæуал зыны,

зæрдæ куы баруади.
6 Къахы дæлфадæй сæры тенкамæ
иу æнæниз бынат нал ис:
цæфтæ, хъæдгæмттæ æмæ
хæфдзæстытæ —
не сты сыгъдæггонд, сойæ сæрст, баст.

7 Уæ зæхх ныггæныстон,
уæ сахартæ арты хай баисты,
уæ хуымты бæркад уын
уæ цæстыты раз
æцæгæлæттæ ссивынц.
Зæрæстон фæци уæ бæстæ,
цыма йæ æцæгæлæттæ
дымгæмæ ныддардтой, уыйау.
8 Сионы чызг аззад сæндоны
халагъудау,
цæхæрадоны мусонгау,
знæгтæ кæуыл æртыхстысты, уыцы
сахарау.
9 Уæларвæфсады Бардарæг ма нæ
цалдæры
удæгасæй куы нæ ныууагътаид,
уæд нæ Содомы хъысмæт
баййæфтаид,
Гоморрæйы æмбисонд ныл æрцыдаид!

10 Æрбайхъусут Дунедарæгмæ,
Содомы æлдæрттæ!
Уæ хъус æрдарут нæ Хуыцауы
Æгъдаумæ,
Гоморрæйы адæм!
11 Дунедарæг уæ фæрсы:
«Уæ бирæ кусæрттæй Æз цы кæнын?
Фелгъæд дæн уæ иууылсудзинаг
фырытæй
æмæ уæ нард фосы фиуæй.
Нæ Мæ хъæуы уæ уæнгуытæ, уæ
уæрыччытæ
æмæ уæ цæуты туг.
12 Чи уæ домы Мæ Кувæндонмæ цæуын?
Мæ кæртытæ Мын уæ къæхтæй цы
ссæндут?
13 Дзæгъæлы Мын хæссут хуынтæ,
Мæ зæрдæ фæцъæх ис уæ
хæрздæфгæнæнтæй.
Уæ мæйног æмæ уæ сабат —
уæнгæл сты фыдгæнджыты
бæрæгбæттæ.
14 Мæ зæрдæ уын нал исы уæ мæйногтæ
æмæ уæ иннæ бæрæгбæттæ:
уæз Мыл кæнынц,
бафæлладтæн уыдæттæн быхсын.
15 Кувгæйæ Мæм уæ къухтæ куы
сивазут —
Æз Мæ цæстытæ бацъынд кæнын,
уæ куывдтытæ куы сбирæ кæнут —
Æз Мæхи ныккъкъуырма кæнын,
уымæн æмæ уæ къухтæ
тугæйдзаг сты.
16 Уæхи æрæхсут, ссыгъдæг кæнут уæхи!
Уæ фыдракæндтæ Мын мауал уынын
кæнут,
уе 'взæр митæ ныууадзут!
17 Сахуыр ут хорз хъуыддæгтæ
кæныныл,
раст тæрхон хæссут,
æфхæрд адæймагæн æххуыс кæнут,
сидзæры сæрыл хæцут,
ма æфхæрут идæдзы.

18 Уый фæстæ-иу æрбацæут, —
зæгъы Дунедарæг, —
æмæ хъуыддагмæ æркæсдзыстæм.
Уæ тæригъæдтæ сырх-сырхид
куы уой —
митау уын сурс уыдзысты,
сæнт сырх куы уой —
сурс уыдзысты урс къуымбилау.
19 Тæхуды æмæ мæм куы байхъусиккат!
Уæд зæххы фарнæй бафсæдиккат.
20 Мæ коммæ куы нæ бакæсат
æмæ хивæнд митыл куы схæцат —
карды амæттаг бауыдзыстут.
Уый зæгъын Æз — Дунедарæг».
21 Хъахбай сылгоймаджы халдих куы
фестад
Мæ иузæрдион сахар,
æдзух раст тæрхон чи хаста, уый.
Кæддæр йæ мидæг
уыди рæстдзинад,
ныр та дзы цæрынц лæгмартæ.
22 Де 'взист згъæры сыгъдонау сси,
дæ сæн дын схæццæ кодтой донимæ.
23 Де 'лдæрттæ систы æгъдаухалджытæ,
къæрныхтимæ — æмдзæхдон.
Уарзынц лæвæрттæ, исынц
гæртæмттæ,
сидзæры сæрыл нæ хæцынц,
идæдз усы марой сæм нæ хъæры.
24 Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг, Израилы Хъомысджын Хуыцау:
«Ныр Мæ маст ныккалдзынæн Мæ
фыдгултыл,
Мæ маст райсдзынæн Ме знæгтæй.
25 Æз дæм Ме 'ргом раздахдзынæн
æмæ дæ ссыгъдæг кæндзынæн
дæ сыгъдоны чъизийæ,
дæ къала дын иууылдæр стайын
кæндзынæн.

26 Раздæрау та дын дæ сæргъы
æвæрдзынæн тæрхонгæнджыты
æмæ уынаффæйы лæгты.
Схондзысты дæ „рæстгæнджыты сахар“
æмæ „иузæрдион сахар“».
27 Сионы сахар раст тæрхоны руаджы
фервæздзæн,
йæ цæрджытæй йæ цæрджытæй
фæсмонмæ чи æрцыд,
уыдон та — сæ рæстады фæрцы.
28 Фыдгæнджытæ æмæ
тæригъæдджынтæ
саст æрцæудзысты,
Дунедарæджы чи ныууагъта,
уыдон иууылдæр бабын уыдзысты.

29 Уæ цæсгом ссудздзæн,
уæ зæрдæ кæмæн радтат,
уыцы тулдзты тыххæй,
фегад уыдзыстут
уæ равзæрст къохты аххосæй.
30 Сымах уыдзыстут, йæ сыфтæр кæмæн
азгъæлы, уыцы тулдзау,
донæфсæст чи нæу, уыцы къохау.

31 Йæхи хъомысджын чи хоны,
уый фæскъауы хуызæн суыдзæн,
йæ митæ та — зынджы стъæлфæнау.
Ссудздзысты иумæ,
æмæ сæ ахуыссынгæнæг нæ уыдзæн.

**2** Амоцы фырт Исайайæн цæстылуайæны Иудей æмæ Йерусалимы фидæн раргом ис.

2 Дунедарæджы Кувæндон цы хохыл ис,
уый фæстагмæ суыдзæни хæхты
бæрзонддæр,
къуылдымты сæрты акæсдзæн;
адæмтæ йæм сараздзысты се ’ргом.
3 Бирæтæ бацæудзысты æмæ
зæгъдзысты:
«Цæй æмæ ссæуæм Дунедарæджы
хохмæ,
Йаковы Хуыцауы хæдзармæ.
Уый нын бацамондзæн Йæ
фæндæгтæ,
цæмæй Йæ фæдыл цæуæм».
Афтæ уымæн дзырдтой,
æмæ хъуамæ Сионы хохæй,
Йерусалимæй,
рацыдаид Дунедарæджы Æгъдау, Йæ
ныхас.
4 Дунедарæг тæрхон кæндзæнис
адæмтæн,
бирæ знæмтæн бауайдзæф кæндзæн.
Уыдон сæ кæрдтæй сараздзысты
гутонтæ,
се ’рцытæй — æхсырфытæ,
ногæй сæ рацæгъддзысты, афтæмæй.
Адæмтæ кæрæдзимæ кæрдтæ нал
сисдзысты
æмæ хæстмæ сæхи нал цæттæ
кæндзысты.
5 Йаковы хæдзарвæндаг!
Æрбацæут, æмæ Дунедарæджы рухсы
цæрæм!

6 Фæлæ Ды, Дунедарæг,
ныууагътай Дæ адæмы,
Йаковы хæдзарвæндаджы,
уымæн æмæ бирæ хъуыддæгтæй
байдыдтой
Скæсæны адæмты фæзмын.
Филистимæгтау сæм фæзынди
дæсныфæрсджытæ,
æндæрбæстæгтимæ сæмдзæхдон сты.
7 Æвзист æмæ сыгъзæрины бын
фæци сæ зæхх,
сæ хæзнатæн ныккæнæн дæр нал ис.
Сæ зæхх нал зыны бæхтæй,
сæ тохуæрдæттæ сты æнæнымæц.
8 Сæ зæхх байдзаг ис гуымирытæй;
табу кæнынц, сæхи къухæй кæй фæ-
царæзтой, уыдонæн.
9 Æрзоныг кодтой, фегад сты —
Ды сын нæ ныббардзынæ.

10 Цæут æмæ бамбæхсут
къæдзæхты скъуыдты,
зæххы рыджы нынныгъуылут
Дунедарæджы тасæй,
Йæ кады стырадмæ кæсгæйæ.
11 Æрцæудзæн ахæм бон,
æмæ æнæвввæрсон адæймаг
зæхмæ æруадздзæни йæ цæстытæ,
сæрыстыр дæр æрныллæг уыдзæн.
Уыцы бон æрмæстдæр
Дунедарæг уыдзæни бæрзонд.

12 Иу бон Уæларвæфсады Бардарæг
стæрхон кæндзæни
æнæвввæрсон, схъæл æмæ
сæрхызтæн —
æрныллæг сæ кæндзæни.
13 Сæ бындзарæй стондзæни
Ливан æмæ Башаны бæрзонд бæлæстæ,
14 зæххæмвæз скæндзæни
бæрзонд хæхтæ æмæ уæлвæзтæ;
15 фехалдзæни алы бæрзонд мæсыг, алы
фидар сис,

16 ныппырх кæндзæни Таршишæй цæуæг денджызон наутæ
сæ мулк æмæ сæ диссæгтимæ.
17 Адæймаджы æнæвввæрсондзинадæн йæ кой дæр нал уыдзæн,
сæрыстыртæ æркъул кæндзысты сæ сæртæ.
Уыцы бон æрмæстдæр
Дунедарæг уыдзæни бæрзонд,
18 гуымирытæн та сæ кой дæр фесæфдзæн.
19 Адæм къæдзæхты скъуыдты æмæ зæххы рыджы
бамбæхсдзысты сæхи,
Дунедарæджы тасæй,
Йæ кады стырадмæ кæсгæйæ,
Уый зæххыл Йæ азар куы ныххуырса, уæд.
20 Уыцы бон алчидæр,
йæхицæн кæй скодта, табу кæмæн кодта,
уыцы æвзист æмæ сыгъзæрин гуымирытæ
аппардзани куырм мыстытæ æмæ хæлынбыттыртæн,
21 æмæ Хуыцауы тасæй,
Йе стыр хъомысы кадæй
йæхи æмбæхсдзæни къæдзæхты скъуыдты,
хæхты цъассыты,
Уый зæххыл Йæ азар куы ныххуырса, уæд.
22 Уæ зæрдæ ма дарут адæймагыл,
йæ уд йæ улæфæнты кæмæн ис, ууыл.
Ау, уымæн исты у йæ бон?

**3** Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
Йерусалим æмæ Иудейæн байсдзæни
сæ алы æххуыс æмæ æнцойгæнæн быцæу,
сæ дон æмæ сæ къæбæры хай,
2 се 'хсарджын балхонты æмæ сæ хæстонты,
тæрхонгæнджыты æмæ пехуымпарты,
зонынджынты æмæ мыггæгты хистæрты,
3 æфсады хицæутты, уæздæтты,
уынаффæгæнджыты,
дæсныфæрсджыты
æмæ кæлæнгæнджыты.
4 Хъуымызбылты сын скæндзæни фæтæгтæ,
сабитæ сын суыдзысты хицæуттæ.
5 Иу адæймаг æфхæрдзæн иннæйы,
хион — хионы;
æрыгæттæ хъаздзысты зæрæдтæй,
æнæрæгъыдзыдтæ — уæздæттæй.

6 Йæ хæдзарвæндагæй искæуыл,
йе 'фсымæрыл ныххæцдзæни адæймаг æмæ зæгъдзæн:
«Уæлæфтау ис дæуæн,
æмæ нæ фæтæг у,
ацы кæлддзæгтæн сæрфат скæн!»
7 Уый йын сомытæ кæндзæни:
«Æз хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг нæ дæн!
Мæнæн дæр мæ хæдзары
нæ къæбæр ис, нæ — дарæс,
ахæм фæтæгæй цы кæнут?»

8 Йерусалим йæ бындзарæй нынкъуысыд,
саст æрцыдис Иудей,
уымæн æмæ адæм
дзыхы ныхасæй дæр æмæ хъуыддагæй дæр
Дунедарæджы æфхæрдтой,
йæ ныхмæ рацыдысты æргом.
9 Комдзог сыл цæуы
суанг сæ цæсгом дæр;
содомæгтау сæ тæригъæдтæй æппæлынц,
нæ сæ сусæг кæнынц.
Додойаг кæндзæни сæ къона,
уымæн æмæ сæхæдæг сæхи фыдбылызы æппарынц.

10 Зæгъут рæстудæн, тæхудиаг кæй у:
йæ хъуыддæгтæм гæсгæ йын рардæуыдзæн.
11 Фыдгæнæгæн та додой йæ къона!
Йæ хъуыддæгтæм гæсгæ йын бафыстæуыдзæн.

12 Хъуымызбыл залымтæ
æфхæрынц мæ адæмы,
сылгоймæгтæ кæнынц æлдариуæг.
Уæ мæ адæм!
Дæ раздзæуджытæ дæ рæдийын кæнынц,
галиу фæндагыл дæ ардауынц.

13 Дунедарæг райдыдта тæрхон кæнын,
адæмтæн тæрхон кæнынмæ сыстади.
14 Дунедарæг адæмы хистæрты æмæ æлдæртты

**3:12** Ацы стих иуæй-иу тæлмацтæ нымайынц Хуыцауы коммæ ныхасыл.

азымджын кæндзæни:
«Мæ сæндон Мын ныггæныстон
кодтат.
Мæгуырты исбон бастыгътат
æмæ дзы уæ къæбицтæ байдзаг
кодтат.
15 Чи уын радта уыцы бар,
æмæ Мын Мæ адæмы æфхæрат,
мæгуырты удхарæй марат?» —
зæгъы Дунедарæг, Уæларвæфсады
Бардарæг.

16 Дунедарæг загъта:
«Сионы чызджытæ æгæр хъал сты,
фервæссыдысты сæхиуыл.
Сæ сæртæ бæрзæндты хæсгæйæ,
рацæйцæуынц æмæ сæ цæстæнгасæй
цырен кæнынц монцтæ.
Куы рацæйсирынц,
уæд сæ къæхты фæлындæнтæ
дзыгъал-мыгъул кæнын байдайынц.
17 Уымæ гæсгæ Дунедарæг Сионы
чызджытæн
сæ сæртæ ныггæмæх кæндзæн,
сæ бецыктæ сын адасдзæн».

18 Уыцы бон сын Дунедарæг байсдзæни сæ
фæлындæнтæ: къахылдарæн цæгтæ, хур-
æнгæс фæрдгуытæ, мæйæнгæс фæрдгуытæ,
19 хъусцæджытæ, цонгдарæнтæ, цæсгомæм-
бæрзæнтæ, сæрбæттæнтæ æмæ къахылда-
рæн рæхыстæ, рæттæ, хæрздæфгæнæнты
къоппытæ, дæсныйы чингуытæ, 20 къухх-
дарæнтæ æмæ фындзцæгтæ, 21 бæрæгбоны
дарæстæ, пæлæзтæ, чыссæтæ, 22 айдæнтæ,
хæдæттæ, сарыхътæ æмæ кæлмæрзæнтæ.

23 Уæд хæрздæфы бæсты
сæ хай суыдзæни смаг,
роны бæсты — астæубос,
къæбæлдзыджы бæсты —
цæгæр сæр,
бæрæгбоны дарæсы бæсты — сæхъис;
рæсугъддзинады бæсты — худинаг.

24 Кардылæфтыд фæуыдзысты хæсты
быдыры
дæ лæппутæ, де 'хсарджынтæ.
25 Кæудзæни сахарыл йæ кулдуар,
хъарæг ыл кæндзæни,
сахар та гæныстонæй зæххыл
æрбаддзæн.

**4** Уæд авд сылгоймаджы иу нæлгоймагыл
ныххæцдзысты æмæ зæгъдзысты:
«Нæхицæн къæбæр æмæ дарæс
нæхæдæг амал кæндзыстæм,
æрмæст нæ дæхицæн устытæ скæн,
худинагæй нæ фервæзын кæн».
2 Ахæм заман ралæудзæн, æмæ, Израилы
ма удæгасæй чи баззайа, уыдонмæ Дунеда-
рæджы фæндонæй фæзындзæнис æвзонг
тала — зæххы гуырдз, æмæ уый Дунеда-
рæгæн кæндзæни кад æмæ цыт. 3 Сионы
цæрджытæй удæгасæй чи баззайа, Йеру-
салимы сахары чи аирвæза æмæ, цæмæй
Йерусалимы цæрой, уый тыххæй сæ нæмттæ
чиныджы фыст кæмæн æрцæуой, уыдоны
схондзысты уаз адæм. 4 Афтæмæй Дунеда-
рæг се 'лгъаг чъизитæ æрæхсдзæни Сионы
чызджытæн, Йæ арттæрхоны фæрцы Йеру-
салимы сахар йæ туггæригъæдæй ссыгъдæг
кæндзæн. 5 Дунедарæг Сионы хох æмæ, йæ
алфамбылæйтты адæм бæрæгбоны охыл
кæмæ æрæмбырд вæййынц, уыцы бынæт-
ты сæрмæ равдисдзæн, Йæхæдæг уым кæй
ис, уый нысан: боныгон — æврагъ, æхсæвы
та — фæздæг æмæ пиллон арты цæджындз.
Уыцы кады æмбæрзæн тыгъд уыдзæн æппæт
сахары сæрмæ. 6 Адæмæн уыдзæни цаты-
рау, цæмæй сын ауон дара боны æнтæфы,
баауон-иу сæ кæна къæвда æмæ тыгъды-
зæйы заман.

**5** Цæй æмæ мæ Уарзонæн азарон
Уарзоны зарæг Йæ сæндоныл.
Сойджын бæрзæндыл
сæндон скодта мæ Уарзон,
2 йæ мæрмæ йын базылд,
дзæбæх æй схæмпус кодта,
йæ дуртæ йын æруыгъта,
æвзаргæ сæнæфсиры талатæ дзы
ныссагъта.
Хъахъхъæнæн мæсыг дзы самадта,
сæндуцæн дæр скъахта.
Хæрзад гагатæм æнхъæлмæ касти,
фæлæ йæ сæнæфсир хъæддаг
разынди.
3 «Уæ Йерусалимы цæрджытæ æмæ
иудейæгтæ!
Цы зæгъдзыстут Мæ сæндонæй?
4 Цы кæнгæ йын уыд,
æмæ йын Æз цы нæ бакодтон?
Æз хорз цупæлттæм
æнхъæлмæ куы кастæн,
уæд Мæ сæнæфсирыл
хъæддаг гагатæ цæмæн æрзад?
5 Уæдæ уын Æз зæгъдзынæн,
Мæ сæндонæн цы бакæндзынæн, уый.
Йæ каутæ йын афæлдахдзынæн —

уадз æмæ ныггæныстон уа,
йæ быру йын ныппырх кæндзынæн —
уадз æмæ фосы къæхты бын фæуа.
6 Ныззауат уыдзæни,
налдæр æй æхсæдгæ кæндзысты,
налдæр ын йæ зæхмæ зилдзысты.
Какотæ æмæ сындзыты бынæй
зынгæ дæр нал кæндзæни.
Æз бардзырд ратдзынæн мигътæн,
къæвда йыл мауал æруадзут, зæгъгæ».

7 Израилы адæм —
Уæларвæфсады Бардарæджы сæндон;
Йæ уарзон талатæ — иудейæгтæ.
Уый Раст тæрхон агуырдта Йæ
адæмæй,
фæлæ туг ныууарыди,
рæстдзинад сæ домдта,
фæлæ Йæм мæнæ фæдисхъæр хъуысы.

8 Додой уæ къона, æнæфсис
тонагæнджытæ,
иу хæдзар иннæйы фæдыл,
иу хуымзæхх иннæйы фæдыл
йæхирдæм чи ссивы!
Иу гæппæл никæмæнуал ныууагътат,
раст цыма сымах йеддæмæ зæххыл
цæрæг нал баззади, уыйау.
9 Уæларвæфсады Бардарæг расомы
кодта:
«Сæ бирæ хæдзæрттæ
ныззауат уыдзысты,
сæ рæсугъд галуантæ
дзæгъæлæй баззайдзысты.
10 Галты цæд иу бонмæ кæй бахуым
кæнид,
ахæм сæндон иу батæй фылдæр
сæн нæ ратдзæни,
хоры хомер — ефæйæ фылдæр тыллæг».

11 Додой сæ къона,
сæумæйæ нозты фæдыл чи зилы,
фæсахсæвæрты дæр æнæ сæн чи нæ
лæууы!
12 Сæ бæрæгбæтты — хъисфæндыртæ,
дыууадæстæнонтæ,
далатæ, уадындзтæ æмæ сæн,
Дунедарæг цы аразы,
уымæ та нæ кæсынц,
Йæ хъуыддæгтыл Ын нæ хъуыды
кæнынц.

13 Уымæ гæсгæ Мæ адæмы
æнæнхъæлæджы акæндзысты
уацары;
уым сæ уæздæттæ сыдæй мæлдзысты,
иннæ адæм та —
дойныйæ.
14 Уæрæх байгом ис
мæрдтыбæстæн йæ ком —
æмхуызонæй аныхъуырдзæни
уæздætты æмæ сау адæмы,
хъæлæба æмæ цин чи кодта,
æппæт уыдоны.
15 Уæд дæлдзиныггонд æрцæудзысты
адæм
æмæ алчидæр сæрныллæг суыдзæн,
хъалтæ дæр æруадздзысты сæ
сæртæ.

16 Уæларвæфсады Бардарæг
сбæрзонд уыдзæн Йæ раст тæрхонæй,
Уаз Хуыцау Йæ рæстадæй
равдисдзæни, уаз кæй у, уый.
17 Уæд уæрыччытæ хибарæй хиздзысты
сахары кæлддзæгты 'хсæн,
хæтæнхуаг фыййæуттæ та
æрбаддзысты,
бонджынты бынтæй ма цы баззайа,
ууыл.

18 Додой сæ къона,
фæлывды бæндæнтæй
йæ фыдракæндтæ æмæ йæ
тæригъæдтæ
уæрдонау йæ фæдыл чи ласы,
уыдонæн.
19 Уыдон зæгъынц:
«Хуыцау тагъддæр рахæссæд
Йæ тæрхон,
цæмæй Йын æй фенæм,
сæххæст кæнæд Йæ фæнд,
æмæ Йын æй базонæм!»

20 Додой сæ къона,
фыдракæнд хорз чи хоны,
хорздзинад та — фыдракæнд,
тар рухсыл чи нымайы,
рухс та — тарыл,
маст — хæрзадыл,
хæрзад та — мастыл!

21 Додой сæ къона,
йæхи цæсты куырыхон чи у
æмæ йæхи зондджын чи хоны!

22 Додой сæ къона,
йе 'хсар сæн нуазыныл кæмæн у,
йæ хъомыс та — хъæбæр нозт
уадзыныл.

23 Уыдон гæртамы фæрцы
азымджыны сраст кæнынц,
раст лæджы та фæзылын кæнынц.

24 Уымæ гæсгæ, хъæмп зынджы амæттаг
куыд бавæййы,
хосы мæкъуылтæ пиллон арты куыд
асудзынц,
афтæ сæ уидаг амбидзæн,
сæ дидинвæлыст рыг фестдзæн,
уымæн æмæ уыдон се 'ргом аздæхтой
Уæларвæфсады Бардарæджы
æгъдауæй,
ницæмæ æрдардтой
Израилы Уаз Хуыцауы ныхас.

25 Уый тыххæй Дунедарæджы маст
рафыцдзæни Йæ адæммæ,
Йæ къух сæм сисдзæн
æмæ сын ахæм цæф ныккæндзæн,
æмæ хæхтæ нырриздзысты,
адæмы мæрдтæ фосы фаджысау
уынгты лæзæрдзысты.
Фæлæ суанг уæд дæр Дунедарæджы
маст
не 'рсабыр уыдзæн,
æвзиддзæни ма сæм ноджы.

26 Дард чи цæры, уыцы адæмтæм
сидгæйæ,
сисдзæни тохы тырыса,
зæххы кæрæтты цæрджытæм
фехситт кæндзæни
æмæ уыдон фæстиат нæ
фæкæндзысты.
27 Уыдон нæдæр фæлмæцгæ
бакæндзысты,
нæдæр сæ удтæ рафтдзысты,
нæдæр сæ хуыссæг æрцахсдзæн.
Уыдзысты ронбаст,
сæ дзабыры бостæ дæр нæ
райхæлдзысты.
28 Сæ фаттæ уыдзысты цыргъ,
се 'рдынбостæ — æлвæст.
Сæ бæхты сæфтджытæ —
æхсондуртау фидар,
сæ уæрдæтты цæлхытæ
размæ тæхдзысты зилгæ уадау.
29 Уыдон ныррыхдзысты домбæйттау,
ратæлæт кæндзысты сæ фосы хай,
ахæсдзысты йæ, æмæ йæ уыдоны
дзыхæй
никæйуал бон бауыдзæн фæстæмæ
байсын.
30 Уыцы бон сæ рыхын уыдзæни
денджызы рыхынау.
Зæххыл йæ цæст чи ахæсса,
уый фендзæни саудалынг æмæ
фыдох,
сау мигътæй рухсы цъыртт нал
зындзæн.

**6** Паддзах Озиайы амæлæты аз æз федтон
Бардарæджы. Уый бадти паддзахы бæрзонд
бадæны æмæ Йæ пæлæзы фæччитæй Кувæн-
дон нал зынди. 2Йæ алыварс лæууыдысты
артуадзгæ удгоймæгтæ — серафимтæ, æх-
сæзгай базыртæ сын, æмæ дзы алчидæр йæ
дыууæ базырæй æмбæрзта йæ цæсгом, йе
'ннæ дыууæ базырæй — йæ къæхтæ, аннæ
дыууæ базырæй та тæхгæ кодта. 3Кæрæ-
дзимæ хъæр кодтой:
«Уæларвæфсады Бардарæг уаз у!
Æгас зæхх — йемыдзаг Йæ кадæй!»
4Сæ хъæрмæ нынкъуыстысты Кувæндоны
къæсæртæ, фæздæгæй байдзаг ис агъуыст.
5Æмæ æз загътон:

«Додойаг фæдæн!
Ме сæфт æрцыди!
Уымæн æмæ æз дæн,
йе 'взаг кæмæн фæчъизи,
ахæм адæймаг,
стæй цæргæ дæр кæнын,
се 'взаг кæмæн фæчъизи,
ахæм адæмы 'хсæн,
æмæ афтæмæй æз уынын Паддзахы,
Уæларвæфсады Бардарæджы!»

6Уæд мæм серафимтæй иу æрбатахти
зынджы къæрттимæ — нывондхæссæны
цæхæрæй йæ æртыскæнæй фелвæста. 7Уы-
цы зынгæй мын бандзæвыд мæ былтыл
æмæ загъта:

«Ацы зынг дæ былтыл андзæвыд,
æмæ фервæзтæ дæ азымæй,
барст дын æрцыди дæ тæригъæд».

8Уый фæстæ æз фехъуыстон Дунедарæджы
хъæлæс: «Кæй арвитон? Чи Нын суыдзæни
минæвар?» Æмæ æз дзуапп радтон: «Мæнæ
дæн, мæн арвит!» 9Уæд Уый загъта:

«Ацу æмæ уыцы адæмæн афтæ зæгъ:
„Хъусут æмæ хъусут,
фæлæ ма бамбарут!
Кæсут æмæ кæсут, фæлæ ма фенут!“
10 Уыцы адæмæн сæ зонд баталынг кæн,
бакъуырма, бакуырм сæ кæн,

цæмæй цæстæй мауал уыной,
хъусæй ма фехъусой
æмæ зондæй ма бамбарой,
цæмæй сæ галиу фæндаг
ма ныууадзой
æмæ ма сдзæбæх уой».

11 Æз бафарстон: «Кæдмæ уыдзæнис
афтæ?»
Дунедарæг мын дзуапп радта:
«Цалынмæ сахартæ федзæрæг уой,
хæдзæрттæ дзæгъæлæй баззайой
æмæ зæхх ныггæныстон уа, уæдмæ.
12 Дунедарæг адæмы фæсурдзæн,
æмæ ацы зæхх ныззауут уыдзæн
бынтондæр.
13 Адæмæн ма йыл
сæ дæсæймаг хай куы баззайа,
уæд дæр та ногæй гæныстонмæ
æрцæудзæни.
Фæлæ теревинф æмæ тулдз бæласæй,
куы сæ акалынц, уæд бындзæфхад
куыд баззайы,
афтæ уыдонæй дæр баззайдзæни уаз
мыггаг».

**7** Иотамы фырт Ахаз, Озиайы фырты фырт,
Иудейы паддзах куы уыди, уыцы заман
Арамы паддзах Рецин æмæ Ремалийы фырт
Феках, Израилы паддзах, Йерусалимы ных-
мæ хæстмæ рацыдысты, фæлæ йæ сæ бон
бацахсын не сси.
2 Давиды хæдзармæ фæхæццæ чындæуыд,
Арамы æфсад Ефремы зæххыл рæсæнуат
скодтой, зæгъгæ, æмæ паддзах æмæ йæ адæ-
мы зæрдætæ барызтысты, хъæды бæлæстæ
дымгæмæ куыд баризынц, уыйау. 3 Дунеда-
рæг Исайайæн бафæдзæхста:
«Дæ фырт Шеар-Йашувимæ Ахазы размæ
ацу, Чъырæйцæгъдæджы бьдырмæ фæнда-
гыл Уæллаг цадæй цы дондзæуæн цæуы, уы-
мæн йæ ратæдзæнмæ. 4 Зæгъ Ахазæн: „Лæм-
бынæг кæс, æрсабыр у æмæ мацæмæй тæрс.
Дæ ныфс ма асæттæд Рецин æмæ арамейæг-
ты, стæй Ремалийы фырты пиллонкалгæ
мастæй — дыууæ фæздæгкалгæ æхсидавæй
уæлдай ницы сты уыдон. 5 Арамейæгтæ дын
ефремонтæ æмæ Ремалийы фыртимæ фыд-
вæнд аразынц дæ ныхмæ. Уыдон зæгъынц,
6 цом æмæ, дам, Иудеймæ ссæуæм, фыд тас
ын бафтауæм йæ адæмыл, бацахсæм æй æмæ
йын Тавалы фырты паддзахæй сæвæрæм.

7 Фæлæ Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы:
нæ уыдзæн уый, ницы дзы
рауайдзæн.
8 Дамаск Арамы сæйраг сахар у,
Дамаскы сæр та — Рецин.
Фондз æмæ æртиссæдз азы куы
рацæуа,
уæд ефремонтæ адæмты хыгъды дæр
нал уыдзысты.
9 Ефремонты сæйраг сахар — Самари,
Самарийы сæргъы — Ремалийы фырт.
Сæ уырнындзинад фидар куы нæ уа,
уæд сæ быныхъæр айхъуысдзæн“».

10 Дунедарæг ма Ахазæн ноджы загъта:
11 «Дунедарæгæй, дæ Хуыцауæй, æвдисæй-
наг ракур, фæнды дæлдзæхæй, фæнды уæ-
ларвæй — уæлдай нæу». 12 Ахаз загъта: «Нæ
ракурдзынæн, Дунедарæджы фæлварын
мæ нæ фæнды».
13 Уæд Исайа загъта: «Æрбайхъусут-ма
ардæм, Давиды байзæддаг! Адæмы фыдæ-
боны хай фæкодтат, уый уын æгъгъæд нæу,
æмæ ма мын мæ Хуыцауы дæр фыдæбоныл
бафтауинаг стут? 14 Уæдæ уын Бардарæг Йæ-
хæдæг фенын кæндзæн æвдисæйнаг: Чызг
банхъæлцау уыдзæн æмæ Фырт ныййардзæн,
схондзæн Æй Эммануил. 15 Уый хæрдзæни
нæлхæ æмæ мыд, цалынмæ æвзæр æмæ
хорз кæрæдзийæ иртасын райдайа, уæдмæ.
16 Æвзæр æмæ хорз кæрæдзийæ иртасын
нæма райдайдзæн, афтæ, цы дыууæ пад-
дзахæй тæрсыс, уыдоны бæстæтæ федзæрæг
уыдзысты.
17 Æцæг, Дунедарæг дæуыл дæр æмæ дæ
адæмыл дæр ныххуырсдзæн, ефремонтæ
иудейæгтимæ куы байуæрстой, уæдæй
фæстæмæ чи нæма уыд, ахæм фыд заман.
Ассирийы паддзахы амæттаг фæуыдзыстут.

18 Уæд Дунедарæг фехситт кæндзæн
бындзытæм —
Нилы донгуырæнты цæрджытæм
æмæ Ассирийы мыдыбындзытæм.
19 Уыдон æрбатæхдзысты
æмæ иууылдæр æрбаддзысты
æдзæрæг тæрфыты, къæдзæхты
скъуыдты,
сындзкъутæртыл, дондарæнты цур.

20 Бардарæг Евфраты фале
баххуырсдзæн
Ассирийы паддзахы,
æмæ уын уый адасдзæни
уæ сæртæ æмæ уæ къæхтæ,

**7:3** *Шеар-Йашув* – дзуттагау амоны «чи ма баззайа, уый æрбаздæхдзæн». **7:14** Ома Хуыцау немæ ис.

суанг ма уын уæ боцъотæ дæр
алвындзæн.
21 Уыцы заман алкæмæ дæр уыдзæн
æрмæстдæр иу хъуг æмæ дыууæ
фысы.
22 Уыдон уый бæрц æхсыр дæтдзысты,
æмæ æппæт бинонтæ дæр
царвæй æфсæст уыдзысты.
Ацы зæххыл ма чи баззайа,
уыдон иууылдæр царв æмæ мыд
хæрдзысты.
23 Фæлæ мингай сæнæфсиры талатæ
цы бынæтты рæзыд —
алы тала дæр —
æвзисты къæртты аргъ —
уым уыцы заман æрзайдзæни
какон сындзытæ æмæ бæхгæрдæг.
24 Зæхх какон сындз æмæ
бæхгæрдæджы бын фæуыдзæн,
æмæ дзы адæм цуан кæндзысты
фат æмæ æрдынимæ.
25 Раздæр-иу къæпийæ кæмæ
базалдысты,
уыцы къуылдымтæм
нал ссæудзынæ ды,
какontæ æмæ сындзытæй тæрсгæйæ.
Уыцы рæтты хиздзысты галтæ,
лыстæг фос сæ ссæнддзысты сæ
къæхтæй».

**8** Дунедарæг мын загъта, райс иу стыр къæй
æмæ йыл, адæймаг æй æнцонæй куыд бакæ-
са, афтæ ныффысс: «„Магер-Шалал-Хаш-Баз“.
2 Æмæ уæд Æз фæсиддзынæн æууæнкджын
æвдисæнтæм: сауджын Уриамæ æмæ Йеве-
рехиайы фырт Захариамæ».
3 Уый фæстæ æз æмуат æрцыдтæн сыл-
гоймаг-пехуымпаримæ. Уый банхъæлцау
ис æмæ мын ныййардта фырт. Дунедарæг
мын загъта: «Сæвæр ыл ном Магер-Шалал-
Хаш-Баз. 4 Уый „баба“ æмæ „гыцци“ дзурын
нæма базондзæн, афтæ Дамаскы бынтæ æмæ
Самарийы хæзнатæ Ассирийы паддзахы хай
бауыдзысты».

5 Дунедарæг мын ноджы загъта:
6 «Ацы адæм Силоамы сабыр доныл
нал æввæрсынц,
фæлæ цин кæнынц
Рецинныл æмæ Ремалийы фыртыл,
7 æмæ сыл уый тыххæй Дунедарæг
рауадздзæн Евфраты стыр æмæ абух-
гæ дæттæ —
Ассирийы паддзахы йе ’ппæт
хъомысимæ.
Æмæ уый йе ’ппæт донвæдтæй
анхъæвздзæни размæ,
йæ былгæрæттæ доны бын
фæуыдзысты.
8 Доны хъаймætaу агуылф кæндзæн
Иудейыл
æмæ йæ доны бын фæкæндзæн,
адæмæн суанг сæ къубалмæ схæццæ
уыдзæн.
Дæ зæххыл дын кæрæй-кæронмæ
йæ базыртæ айтындздзæн,
Эммануил!»

9 Хæстмондагæй цъæх арт уадзут,
фæлæ ризут, адæмтæ!
Æрбайхъусут, дард бæстæтæ!
Хæстмæ сцæттæ кæнут уæхи, фæлæ
ризут,
хæстмæ сцæттæ кæнут уæхи, фæлæ
ризут!
10 Сымах алы фæндтæ нывæндут,
фæлæ уын фехæлдзысты,
уæ иу ныхас дæр нæ сæххæст уыдзæн,
уымæн æмæ Хуыцау немæ ис!

11 Дунедарæг мыл Йæ хъомысджын къух
æруагъта æмæ мын бафæдзæхста, ацы адæ-
мы ма бафæзм, зæгъгæ. Загъта мын:
12 «Ацы адæм сусæгвæнд цы хонынц,
уый сымах сусæгвæнд ма хонут.
Уыдон цæмæй тæрсынц,
уымæй ма тæрсут æмæ уыл тас
ма бахæцæд.
13 Кад кæнут Уæларвæфсады
Бардарæгæн,
Уымæй тæрсут, Уымæй стъæлфут!
14 Уый уыдзæни уаз —
Израилы дыууæ паддзахады
кæуыл фæкæлдзысты, уыцы дур
æмæ уыцы къæдзæх,
Йерусалимы цæрджытæн —
къæппæг æмæ ахсæн хыз.
15 Æмæ бирæтæ фæкæлдзысты,
æрхаудзысты æмæ ныппырх
уыдзысты,
къæппæджы бахаудзысты,
ахст æрцæудзысты.

16 Ацы æвдисæндар дзæбæх батух,
ацы зондамындыл мыхуыр сæвæр
Мæ ахуыргæнинæгты раз».
17 Дунедарæг Йе ’ргом аздæхта

**8:1** «Магер-Шалал-Хаш-Баз» нысан кæны: «Тагъд тæлæт кæ-
нынмæ, рæвдз стигъынмæ».

Йаковы байзæддагæй,
фæлæ æз уæддæр Дунедарæгæй
ныфсджын уыдзынæн,
мæ зæрдæ Йыл дардзынæн.
18 Мæнæ æз æмæ мын Дунедарæг кæй
радта, уыцы хъæбултæ.
Мах Израилæн стæм
æвдисæйнæгтæ
Уæларвæфсады Бардарæгæй,
Сионы хохыл цæрæгæй.
Мах стæм Сионы хохыл цæрæг
Уæларвæфсады Бардарæджы
æвдисæйнæгтæ æмæ рагнысæнттæ
Израилæн.

19 Афтæ уын куы зæгъой, уе 'ргом раздахут
мæрдтæмсидджытæ æмæ дæсныфæрсджы-
тæм — мынæг хъæлæсæй чи дзуры æмæ
дыгъал-дыгъул чи кæны, уыдонмæ, уæд-иу
сын дзуапп раттут, хъуамæ адæм сæ Хуы-
цаумæ кувой, стæй удæгæсты тыххæй дæр
мæрдты нæ фæфæрсынц, зæгъгæ. 20 Уе 'ргом
раздахут Хуыцауы амындтытæ æмæ уынаф-
фæтæм. Афтæ уын чи нæ дзура, уыдонæн сæ
ныхæсты рухс нæй.

21 Рахау-бахау кæндзысты
зæрдæсастæй, æххормагæй.
Стонгæй мæлгæйæ, фыр мæстæй
æлгъитдзысты сæ паддзахы
æмæ сæ Хуыцауы.
Арвмæ скæсдзысты,
22 зæххыл сæ цæст ахæсдзысты,
алы ран дæр — бæллæх æмæ
саудалынг,
æмæ саудалынджы хай бауыдзысты.
Фæлæ ныр саудалынг кæм æртыхст,
уым æдзух афтæ нæ уыдзæни.

**9** Ныронг Зевулон æмæ Неффалимы
зæххытæ
æгады бынаты уыдысты,
фæлæ фидæны скадджын уыдзысты
уыдон:
Галилейы денджызгæрон бæстæ дæр
æмæ
Иорданы фаллаг фарс,
муртаттæгтæ кæм цæрынц, уыцы
Галилей дæр.
2 Талынджы цы адæм цардысты,
уыдон æгæрон рухс федтой,
саудалынджы бæстæйы чи царди,
уыдоны сæрмæ рухс сæрттывта.
3 О Хуыцау, Ды сбирæ кæндзынæ ацы
адæмы,
стыр цин сын бауадздзынæ сæ
зæрдæты.
Уыдон цин кæндзысты Дæ разы,
цыма зæххæй бæркадджын тыллæг
исынц
кæнæ æфтиаг уарынц, уыйау.
4 Кæддæр сæ мидианæгтæй
куыд фервæзын кодтай,
афтæ сын Ды ныр дæр ныппырх
кæндзынæ
сæ уæззау æфсондз —
æцæгæлон æлдарады æфсондз
æмæ фыдæбойнаг рæхыс,
стæй, цы лæдзæгæй сæ æфхæрдтой,
уый дæр.
5 Хæстонтыл тохы быдыры цы къахы-
дарæс уыди, уыдон
æмæ сæ тугамæст пæлæзтæ
арты амæттаг бауыдзысты.
6 Уымæн æмæ нын райгуырди Саби —
рардæуыди нын Фырт.
Уый у не суинаг Паддзах.
Сæвæрдзысты Йыл кадджын нæмттæ:
Æрдхæрæны Уынаффæгæнæг,
Хъомысджын Хуыцау,
Æнусон Фыд,
Фидыды Æлдар.
7 Паддзах Давиды бадæны æрбаддзæн,
Йæ паддзахы бартæ уыдзысты
æгæрон
æмæ зæххыл расиддзæни фидыд.
Давиды паддзахад
мыггагмæ æрфидар кæндзæни,
раст тæрхон хæсгæйæ.
Уæларвæфсады Бардарæг Ыл ауддзæн.

8 Дунедарæг Израилы паддзахадæн,
Йаковы байзæддагæн,
хæссы Йæ тæрхон.
9 Хъуамæ адæм иууылдæр —
Ефремы байзæддæгтæ æмæ
Самарийы цæрджытæ —
уыцы хъуыддаг базоной,
уымæн æмæ схъæл ныхас кæнынц
стырзæрдæйæ:
10 «Агуыридууртæ куы æркæлой —
лæгъз дурæй сæ самайдзыстæм,
сикомортæ сæ рæбынæй куы акалой —
кедртæй сæ баивдзыстæм».
11 Уымæ гæсгæ сын Дунедарæг
Рецины æфсад сæ ныхмæ сыстын
кæндзæн,
хæцæнгарзæй сифтонг кæндзæн
фыдгулты:
12 скæсæнæй — арамейæгты,

нылгуылæнæй — филистимæгты.
Уыцы кæрæфтæ аныхъуырдзысты
Израилы.
Фæлæ Дунедарæджы маст
ууыл дæр нæ басабыр уыдзæн,
æвзиддзæни сæм ноджыдæр.

13 Адæм, чи сæ цæвы, Уымæ нæ
раздæхынц,
Уæларвæфсады Бардарæджы нæ
агурынц.
14 Æмæ Дунедарæг Израилæн æмбойны
ракъуырдзæни йæ сæр æмæ йæ дымæг,
йæ пальмæйы къалиу æмæ йæ хъæз:
15 адæмы хистæртæ æмæ сæ
дзырддзæугæтæ — сæр,
мæнгпехуымпартæ — дымæг.
16 Адæмы сæ фæтæгтæ фæрæдийын
кæндзысты,
рæдыд фæндагыл сæ акæндзысты,
цæмæй бабын уой.
17 Уымæ гæсгæ сын Дунедарæг
нæ бацин кæндзæни сæ лæппутыл,
нæ сын батæригъæд кæндзæни сæ
сидзæртæ
æмæ сæ идæдзтæн,
уымæн æмæ иууылдæр
цæстфæлдахджытæ æмæ фыдгæн-
джытæ сты,
сæ дзыхы ныхас — æлгъаг.
Фæлæ Дунедарæджы маст
ууыл дæр нæ басабыр уыдзæн,
æвзиддзæни сæм ноджыдæр.
18 Уымæн æмæ се 'нæуагдзинад арт
уадзы,
какoнтæ æмæ сындзытæ ныхъуыры,
тар хъæды бæлæстæ судзы, æмæ арвмæ
арты фæздæг къуыбылæйттæй ссæуы.
19 Уæларвæфсады Бардарæджы азар
сараудзæни зæхх, адæм арты амæттаг
бауыдзысты,
иу сæ иннæуыл нал ауæрддзæн.
20 Сæ къух-иу цæуыл фæхæст уа,
уый æргæвддзысты æмæ хæрдзысты,
фæлæ-иу уæддæр се стонг нæ
басæтдзысты,
сыдæймæлæгау сын бафсис нæ
уыдзæн.
Алчи йæ хионы хæрдзæни:
21 Менассиа — Ефремы,
Ефрем — Менассиайы,
сæ дыууæ та — Иудæйы.
Фæлæ Дунедарæджы маст
ууыл дæр нæ басабыр уыдзæн,
æвзиддзæни сæм ноджыдæр.

**10** Додой сæ къона, галиу æгъдæуттæ чи
сфидар кæны,
фыдбылызы уынаффæтæ чи хæссы,
2 цæмæй Мæ адæмы мæгуыртæн æмæ
æнæбонтæн
раст тæрхон ма кæной,
сæ бартæ сын ссæндой,
идæдз устыты,
сидзæр сабиты стигъой.
3 Тæрхоны бон куы ралæууа,
дардæй уæм фыдбылыз куы фæзына,
уæд чердæм цы кæндзыстут,
æххуысагур кæмæ лидздзыстут?
Кæм бафснайдзыстут уæ бирæ исбон?
4 Уацайрæгтимæ уæ уæрджытыл
æрлæудзыстут,
йе та мæлæты амæттаг бауыдзыстут.

Фæлæ ууыл дæр Йæ маст нæма
ссæудзæн,
Йæ къух нæма æруадздзæни дæлæмæ.

5 Сар сæ сæр кæны ассириæгтæн —
Мæ масты лæдзæг æмæ Мæ азары
ехсæн!
6 Ассириæгты арвитдзынæн
æнæхуыцау адæмы,
Мæ маст кæмæ ссыгъди,
уыдоны ныхмæ —
уадз æмæ сæ бастигъой,
сафтид сæ кæной,
уынгты рыгау сæ бассæндой.
7 Фæлæ Ассирийы паддзахæн
ууыл нæу йæ мæт, йæ сагъæс.
Йæ зæрды ис бирæ адæмты бабын
кæнын.
8 Уый зæгъы: «Паддзæхтæ иууылдæр
мæ лæггадгæнджытæ не сты, мыййаг?
9 Кално дæр æмæ Каркемиш дæр,
Хамат дæр æмæ Арпад дæр,
Самари дæр æмæ Дамаск дæр.
10 Мæ бархъомыс æрæвæрдтон
мæнгхуыцæуттæм кувæг
паддзахæдтыл.
Уыдонмæ цас гуымирытæ уыд,
уый бæрц Йерусалим æмæ Самарийы
дæр нæ уыди.
11 Самари æмæ йæ гуымирыты
куыд ныппырх кодтон,
афтæ бакæндзынæн Йерусалим
æмæ йæ мæнгхуыцæуттæн дæр».

12 Дунедарæг Сионы хох æмæ Йерусалимы
ныхмæ цы сфæнд кодта, уый куы сæххæст
кæна, уæд Ассирийы паддзахы бафхæрдзæн,

сæрбæрзонд кæй сси æмæ иннæтæм æнæв-
вæрсон цæстæй кæсы, уый тыххæй.
13 Уымæн æмæ уый зæгъы:
«Мæ хъомыс æмæ мæ зонды фæрцы
æз сарæзтон ацы хъуыддæгтæ —
ахæм куырыхон дæн, гъе!
Бæстæтæн фехалын сæ арæнтæ,
сæ хæзнадæттæ сын ныггаффутт
кæнын,
сæ паддзæхты сын галау ныццæвын
æмæ сæ паддзахы бадæнтæй
расхойын.
14 Адæмтæн ратæлæт кодтон сæ исбон,
мæргъты ахстæттæ сафтидгæнæгау;
уагъд æйчытау æз æппæт зæххытæ
байстон,
æмæ мыл ничи йæ базыр сцагъта,
ничи йæ дзых фæхæлиу кодта,
ничи мыл цъиу-цъиу скодта».

15 Фæрæт куыд хъуамæ раппæла
йæхицæй,
архайгæ дзы чи кæны, уый раз?
Науæд хырх сæрбæрзондæй куыд хъу-
амæ кæса,
хырхгæ дзы чи кæны, уымæ?
Лæдзæг, йæ къухмæ йæ чи райсы,
уыцы адæймаджы ныттилдзæни,
мыййаг?
Къобола лæдзæг, хъæдæй конд чи
нæу,
уыцы цардуды хæрдмæ сисдзæн?

16 Уымæ гæсгæ Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг,
Ассирийы гуыппырсартæн
фесафдзæни сæ хъару,
йæ кад ын басудздзæни артау.
17 Стыр Хуыцау — Израилы Рухс —
арт фестдзæн æмæ йын æмбойны
бавзалы кæндзæн йæ какондæ æмæ
йæ сындзытæ.
18 Ныффæйлаудзæн ын йæ диссаджы
хъæдтæ æмæ дыргъдæттæ
бæласæй, къутæрæй.
Афтæмæй Ассирийы бæстæ
мæлæтдзаг рынчыны хал ахæрдзæн.
19 Йæ хъæдты ма бæлæстæ
афтæ чысыл баззайдзæн,
æмæ сæ суанг саби дæр анымайдзæн.

20 Æрцæудзæн ахæм заман,
æмæ ма Йаковы хæдзарвæндагæй,
Израилы байзæддæгтæй чи фервæза,
уыдон сæ зæрдæ нал дардзысты,
чи сæ цагъта, уыцы ассириæгтыл,
фæлæ сæ каст уыдзæни Дунедарæгмæ,
Израилы Уаз Хуыцаумæ,
иузæрдион Ыл уыдзысты.
21 Чи ма дзы фервæза, уыдон
раздæхдзысты,
Йаковы байзæддæгтæ раздæхдзысты
хъомысджын Хуыцаумæ.

22 Кæд дæ адæм денджызы змисау
æнæнымæц уыдысты, Израил,
уæддæр сæ фæстæмæ раздæхдзæн
æрмæст чысыл къорд;
се сæфт рагацау нысангонд у,
раст тæрхон сæ баййафдзæн.
23 Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
куыд снысан кодта, афтæ
æгас зæххы дæр
баййафдзæни Йæ азар.

24 Уымæ гæсгæ Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг, зæгъы:
«Мæ адæм, Сионы хохыл цæрджытæ!
Ма тæрсут ассириæгтæй,
суанг уæм лæдзæгæй куы февзидой
æмæ уын кæддæр мысырæгтæ куыд
бакодтой,
афтæ уæм къобола лæдзæг куы сисой,
уæд дæр.
25 Чысыл ма, хæрз чысыл ма,
æмæ уæм Мæ маст ссæудзæн,
æмæ уæд ассириæгты
Мæ азары амæттаг бакæндзынæн».
26 Уæларвæфсады Бардарæг сæм
галтæрæн ехсæй февзиддзæн
æмæ, кæддæр Сынты Къæдзæхы цур
мидианæгты куыд ныддæрæн кодта,
афтæ адоныл дæр нæ бацауæрддзæн.
Денджызмæ февзиддзæни Йæ
лæдзæгæй,
кæддæр Мысырмæ куыд февзыста,
афтæ.
27 Уæд фыдгулы æфсондз
де уæхсчытæй,
дæ бæрзæйæ ист æрцæудзæни,
ныппырх уыдзæни де ’фсондз.

28 Ассириæгтæ бабырстой Гаййатмæ,
Мигроны уылты ацыдысты,
Михмасы ныууагътой сæ чырæ,
29 афсæрстой комы нарæджы æмæ
зæгъынц,
Гевæйы бахсæвиуат кæнæм, зæгъгæ.
Рамæйы сахайрæгтæ æмризæджы
ризынц,

Саулы сахар Гевæйы адæм та лидзæг
фесты.
30 Хъæрахст кæн, Галлимы сахар!
Хъус æм, Лаеша!
Бафæзм æй, Анатот!
31 Мадменайы адæм лидзæг фесты,
Гевимы цæрджытæ дæр сæ сæртæ
æфснайынц.
32 Фыдгул ма Новы сахары
фæуыдзæнис иу бон.
Уырдыгæй æртхъирæн кæндзæни
Сионы хохмæ, Йерусалимы
бæрзæндмæ.

33 Мæнæ Дунедарæг, Уæларвæфсады
Бардарæг,
Йæ тасæфтауæг хъомысæй
бæлæсты къалиутæ ныссæтдзæн!
Бæрзонд бæлæстæ акæлдзысты,
бæрзæндтæ æрфæлдæхдзысты.
34 Тархъæды бæлæстæ
Уый цæгъддзæни æфсæн фæрæтæй,
Ливаны æгæндæг хъæд
зæххы æмвæз суыдзæни
Хъомысджыны къухæй.

**11** Йессейы калд бæласы бындзæфхад
суадздзæни тау, æмæ дзы ног тала
сырæздзæн.
2 Ууыл æртыхсдзæни
Дунедарæджы Уд —
уæлзонд æмæ æмбарынады Уд,
уынаффæ æмæ хъомысы Уд,
зонынады æмæ Дунедарæгæн
аргъуыц кæныны Уд.
3 Уый йе 'ппæт хъарутæй тырндзæн
Дунедарæгæн аргъуыц кæнынмæ!
Æдде бакæсгæйæ цы зыны,
уымæ гæсгæ нæ тæрхон кæндзæни;
дам-думтæм хъусгæйæ,
уынаффæ нæ рахæсдзæни.
4 Мæгуыр адæмæн раст тæрхон
кæндзæн,
зæххыл цæрæг æфхæрд адæмæн
сæ хъуыддæгтæ æвзардзæни рæстæй.
Йæ дзырды цæфæй стæрхон кæндзæн
зæххæн,
фыдгæнæджы Йæ раулæфтæй
фесафдзæн!
5 Рæстдзинад суыдзæни Йæ рон,
иузæрдиондзинад æрбабæтдзæни Йæ
синтыл.

6 Уæд бирæгъ хæларæй цæрдзæн
уæрыккимæ,
фыранк хуысдзæни сæныччы фарсмæ,
род æмæ лæппын домбай уыдзысты
иумæ,
æнахъом саби сæ хиздзæни.
7 Стур хиздзæн арсимæ,
сæ цот та хуысдзысты
фæрсæй-фæрстæм,
домбай стурау æууилдзæни зыгуым.
8 Дзидзидай саби хъаздзæни
маргджын калмы хуынчъы раз,
йæ къух-иу дзы атъысдзæни.
9 Мæ уаз хохыл сæ кой дæр нал уыдзæн
фыдми æмæ знаггадæн,
уымæн æмæ, денджыз донæй йемы-
дзаг куыд вæййы,
афтæ æгас зæххыл сбирæ уыдзысты
Дунедарæджы тыххæй
зонындзинæдтæ.

10 Уыцы заман куы ралæууа,
уæд, Йессейы Æвзарæй цы тала
сырæза,
уый адæмтæн суыдзæни цæстуынгæ
нысан,
адæмтæ йæ бацагурдзысты.
Цы бынаты æрцæра,
уымæн йæ кады кой
айхъуысдзæни дæрдтыл.
11 Уыцы заман куы ралæууа,
уæд Дунедарæг ногæй Йæ къух
æрдардзæн
æмæ ссæрибар кæндзæн,
Йæ адæмæй ма чи баззайа, уыдоны.
Фæстæмæ æрбаздахдзæн,
Йæ адæмæй ма Ассири, Мысыр,
Патрос,
Куш, Елам, Шинар æмæ Хаматы
бæстæты,
стæй денджызгæрон сахарты
удæгасæй чи баззайа, уыдоны.
12 Йæ тырыса сисдзæни адæмты раз
æмæ тард израилæгты,
стæй, чи ныххæлиу ис, уыцы
иудейæгты —
нæлгоймагæй, сылгоймагæй —
æрбаздахдзæни зæххы цыппар
кæронæй.

13 Уæд ефремонты фыдæхæн
кæрон æрцæудзæни,
уæд иудейæгты фыдæхæн
йæ кой дæр нал уыдзæн.
Ефремонтæ иудейæгтæм
нал хæлæг кæндзысты,
иудейæгтæ знаджы цæстæй

нал кæсдзысты ефремонтæм.
14 Иумæ абырсдзысты ныгуылæнæрдæм,
филистимæгты бæстæм,
бастигъдзысты скæсæны адæмты.
Едом æмæ Моавы бæстæтыл
æрæвæрдзысты сæ бархъомыс.
Аммонæгтæ сын дæлбариуæг
кæндзысты.
15 Дунедарæг Йæ азары амæттаг
бакæндзæни
Мысыры скæнсæнварс денджызы
донбакæлæн,
Йæ къух сисдзæн
Евфраты донмæ дæр,
ахæм тыхджын дымгæ йыл
рауадздзæн,
æмæ йæ авд суадоны фестын
кæндзæн,
цæхгæрмæ сыл тæнæг дзабырты
хиздзысты.
16 Уæд, Дунедарæгæн Ассирийы цы
адæм баззайа,
уыдон уырдыгæй здæхдзысты уæрæх
фæндагыл,
кæддæр Израилы адæм
Мысыры зæххæй куыд здæхтысты,
афтæ.

**12** Уыцы бон ды зæгъдзынæ:
«Стауын дæ, Дунедарæг!
Мæсты мæм уыдтæ,
фæлæ ныр ссыди Дæ маст,
басабыр мæ кодтай.
2 Хуыцау мæнæн —
мæ ирвæзынгæнæг,
мæ уды ныфс —
нæ зонын Йемæ тас.
Мæ хъомыс — Уый,
мæ зарæджы сæр — Дунедарæг!
Уый сси мæ ирвæзынгæнæг!»
3 Ирвæзындзинады суадæттæй
цингæнгæ исдзыстут дон.
4 Уыцы бон зæгъдзыстут сымах:
«Кад кæнут Дунедарæгæн,
арут Ын Йæ ном!
Йæ хъуыддæгтæ Йын хъусын кæнут
адæмтæн,
Йе стыр ном Ын стаут.
5 Хуыцауы кадæн зарут —
Уый стыр хъуыддæгтæ сарæзта,
уадз айхъуса æгас зæххыл сæ кой.
6 Сионы цæрджытæ,
цин кæнут æмæ цинæй райут,
уымæн æмæ тынг стыр у уе 'хсæн
Израилы Уаз Хуыцау!»

**13** Рагуац Вавилоны тыххæй, Амоцы фырт
Исайайæн Дунедарæг рагагъоммæ кæй рар-
гом кодта, уый.
2 «Уæ тырыса сисут гæмæх хохы
сæрмæ,
хъæр сæм кæнут,
уæ къухæй сын ацамонут,
уадз æмæ паддзæхты кулдуарыл
бахизой.
3 Æз бардзырд радтон Ме 'взæрстытæн,
фæсидтæн Ме 'хсарджынтæм,
Мæ кад стыр цины хос кæмæн у,
уыдонмæ,
цæмæй Мын сæххæст кæной Мæ
тæрхон».
4 Хæхты тыхджын уынæр хъуысы,
цыма æнæнымæц дзыллæйы
хъæлæба у, уыйау.
Абухынц паддзахæдтæ,
æмбырдтæ кæнынц адæмтæ.
Уый Уæларвæфсады Бардарæг
фæсидти
хæстифтонг æфсадмæ.
5 Дард бæстæй, арвы кæронæй,
æрбацæуынц Дунедарæг æмæ Йæ
азар,
цæмæй æгас зæхх бабын кæной.

6 Æрдиаг кæнут —
Дунедарæгæн Йæ тæрхоны бон
æрæввахс,
Æппæтхъомыс дæрæнгæнгæ
æрцæудзæн.
7 Уымæ гæсгæ адæмæн
æрлæмæгъ уыдзысты сæ цæнгтæ,
алкæмæн дæр асæтдзæни йæ ныфс.
8 Стыр тас сыл бахæцдзæн,
се уæнгтæ срисдзысты,
сæ буар æлхынцъытæ кæндзæни,
сау тухæн æвзардзысты
æвгъæддон сылгоймагау.
Стыр дисы бафтгæйæ, кæрæдзимæ
кæсдзысты,
арт уадздзысты сæ цæсгæмттæ.
9 Дунедарæджы азары бон æрæввахс —
судзгæ мастæй йедзаг!
Уыцы бон бабын уыдзæни зæхх,
тæригъæдджынтæ фесæфдзысты зæх-
хы цъарæй.
10 Стъалытæ æмæ стъалыгуыппартæ
нал ратдзысты сæ рухс.
Хур, куыддæр скæсæнæй йæ цæст
сдара,
афтæ ахуысдзæн,
мæйы цæст бакуырм уыдзæн.

11 «Æз бафхæрдзынæн дуне
йæ тæригъæдты аххосæй,
æнаккæгты — сæ фыдракæндты
тыххæй.
Кæрон скæндзынæн хъалты
сæрхызтæн,
æрныллæг кæндзынæн
сæрбæрзонд æфхæрджыты.
12 Адæмы нымæц
афтæ фæкъаддæр кæндзынæн,
æмæ ма дзы чи баззайа,
уыдон уыдзысты сыгъзæринæй
зынаргъдæр,
уыимæ — офираг сыгъзæринæй».
13 Æрцæудзæн ахæм бон,
æмæ Уæларвæфсады Бардарæг,
Йæ маст æххуырсгæйæ,
пиллæттæ калгæйæ,
ныууигъдзæни арв,
зæхх фенкъуысын кæндзæн йæ
бынатæй.
14 Уæд æцæгæлæттæй алчидæр
тарст сычъийау, дзæгъæл фысау
лидзæг фæуыдзæни йæхи адæм, йæхи
бæстæм.
15 Фæлæ уыдонæй кæй æрцахсой,
уый ныррæхойдзысты,
кæуылдæриддæр фæхæст уой —
кардæй йæ амардзысты.
16 Сæ сабиты сын сæ цæсты раз
амардзысты,
сæ хæдзæрттæ хæлæттаг
фæуыдзысты,
сæ устытæй сын фæхынджылæг
кæндзысты.

17 Дунедарæг зæгъы:
«Æз сын сæ ныхмæ сардаудзынæн,
æвзистæн аргъ чи нæ кæны
æмæ сыгъзæринмæ
уазал æнгас чи дары,
уыцы мидиæгты.
18 Сæ лæппуты сын фатæй
ныццæгъддзысты,
сабитæн нæ фæтæригъæд
кæндзысты».

19 Хуыцау Содом æмæ Гоморрæйау
ныппырх кæндзæни Вавилон —
паддзахæдты фидыц,
халдейæгтæ сæрыстыр кæмæй сты,
уый.
20 Никуыуал дзы ничи æрцæрдзæн,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ дзы
нал уыдзæн цæрæг.
Араббаг дзы нæ айтындздзæни йæ
цатыр,
фыййæуттæ дзы сæ фосимæ
асадæн не скæндзысты ривæдафон.
21 Уырдæм æрцæудзысты хъæддаг
сырдтæ,
йæ хæдзæрттæ байдзаг уыдзысты
уыгтæй;
æрцæрдзысты дзы страустæ,
чъыллиппæй дзы кафдзысты
цæуæнгæс дæлимонтæ.
22 Сæ галуанты рæйдзысты гиенæтæ,
сæ хиирхæфсæн бынæтты
ниудзысты хъæддаг куыйтæ.

**14** Йæ кæрон æрæвввахс,
бирæ рæстæг ын нал ис.
Дунедарæг фæтæригъæд кæндзæн
Йаковы байзæддагæн,
ногæй та равзардзæн Израилы
адæмы,
сæ зæхмæ сæ æрбаздахдзæн.
Æндæрбæстæгтæ сæм æнгом
балæудзысты
æмæ баиу уыдзысты семæ.
2 Адæмтæ сæ æркæндзысты сæ
фыдыуæзæгмæ
æмæ сын уым, Дунедарæджы зæххыл,
нæлгоймагæй, сылгоймагæй, цагъар-
тæ суыдзысты.
Израилæгтæ уацары райсдзысты,
кæддæр сын сæхи уацары чи акодта,
уыцы адæмты
æмæ æлдариуæг кæндзысты
сæ кæддæры æфхæрджытæн.

3 Дунедарæг кæрон куы скæна уæ цагъар-
дзинадæн, куы уæ фервæзын кæна уæ тас
æмæ уæ хъыгæй, уе ’фхæрджытæн цы уæззау
куыстытæ кодтат, уыдонæй, 4 уæд сымах
уæлахизы зарæг ныззардзыстут, Вавилоны
паддзахæн фидис кæнгæйæ:

Не ’фхæрæг нал ис,
не стигъæг бабын ис!
5 Дунедарæг басаста æнæхуыцæутты
хъомыс,
барджын хицæутты паддзахлæдзæг
ныссаста;
6 уый хъæхъхъагæй алы адæмты цавта,
иу цæф сын иннæйы фæдыл кодта,
æлдариуæг сын кодта карзæй,
æфхæрдта сæ æгъатырæй.
7 Ныр зæхх сулæфыди иуууылдæр,
цинæй райы, йæ цины хъæр хъуысы!

8 Кипаристæ æмæ ливайнаг кедртæ
цин кæнынц æмæ дзурынц дæу
тыххæй:
«Ды мæрдвынæй куы бадæ,
уæдæй фæстæмæ нæм
ничиуал цæуы цæгъдынмæ».

9 Мæрдтыбæстæ базмæлыд,
æнхъæлмæ кæсы де 'рбацыдмæ —
уый райхъал кодта мæрдты,
зæххон фæтæгты се 'ппæты дæр.
Муртаттаг паддзæхты растын кодта
сæ паддзахы бадæнтæй.
10 Иууылдæр дын дзурдзысты ныр,
ды дæр махау сæнæбон дæ,
мах хал ахордтай, зæгъгæ.
11 Мæрдтыбæстæм æппæрст æрцыди
де схъæлдзинад дыууадæстæнонты
цагъдимæ.
Уаллæттæй дын — гобан,
уаллæттæ — дæ хъæццул дæр.

12 Уæ сæууон стъалы,
мæнæ куыд расхъиудтай арвæй!
Дæ къæхты бын адæмы ссæстай,
ныр дæхæдæг ныцъцъæл æмæ ным-
мур дæ зæххыл!
13 Кæддæр дæхимидæг афтæ куы
дзырдтай:
«Уæларвмæ ссæудзынæн,
Хуыцауы рафæлдыст стъалытæй
бæрзонддæр сисдзынæн мæ паддзахы
бадæн
æмæ уым, цæгаты тигъыл,
хуыцæутты 'хсæн æрбаддзынæн
хохыл;
14 æврæгъты онг ссæудзынæн
æмæ Бæрзонд Хуыцауы æмсæр
суыдзынæн».
15 Фæлæ ды æппæрст æрцыдтæ
мæрдтыбæстæм,
зындоны арфмæ.
16 Чи дæ уыны, уыдон дæм æдзынæг
кæсынц
æмæ дыл дисæй мæлынц:
«Ай, зæхх кæй азарæй рызти, уый у,
паддзахæдтæ-иу чи ныууыгъта,
17 дуне-иу æдзæрæг бьдыр
чи фестын кодта,
сахартæ та — хæлддзæгтæ,
йæ уацайрæгтæн сæрибар
чи нæ лæвæрдта?»
18 Алы адæмты паддзæхтæ
кад æмæ цытимæ хуыссынц,
алчи — йæхи зæппадзы.

19 Дæу та ингæны нæ бавæрдтой,
аппæрстой дæ хус къалиуау.
Мæрдты 'хсæн, карды амæттаг чи
баци,
уыдоны астæу хуыссыс;
дурастæрд ингæны дæ ныппæрстой,
сæ къæхтæй дын дæ мард ссæндынц
адæм.
20 Тохы чи фæмард, уыдонæй
хъауджыдæр
дæу ингæны нæ бавæрдзысты,
уымæн æмæ бабын кодтай дæ бæстæ
æмæ фæцагътай дæ адæмы.
Фыдгæнæджы байзæддæгтæ
макуы скæнæнт ном,
рохуаты баззайæнт мыггагмæ.
21 Ацы паддзахæн хъуамæ
йæ фырттæ дæр амæлой
сæ фыды азымы тыххæй,
науæд та уын иуахæмы
бацахсдзысты уæ зæхх
сæ сахартæй байдзаг кæндзысты æгас
дуне.

22 Уæларвæфсады Бардарæг зæгъы: «Æз сæ
ныхмæ рацæудзынæн æмæ Вавилоны адæмы
бындзагъд ныккæндзынæн — цъиуызмæлæг
дæр сæ нал баззайдзæн, фырт-бындар æмæ
сæм хæрæфырт-бындарæй чи ис, уыдон иу-
уылдæр бабын уыдзысты. 23 Вавилон фестын
кæндзынæн уызынты бæстæ æмæ цъымара,
рамæрздзынæн æй куынæггæнæг уисойæ», —
зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг.

24 Уæларвæфсады Бардарæг
басомы кодта:
«Æз сараздзынæн,
цы сфæнд кодтон, уый.
Цы тæрхон рахастон,
уымæн æнæ 'рцæугæ нæй.
25 Ассириæгты ныддæрæн кæндзынæн
Мæ зæххыл,
бассæнддзынæн сæ Мæ хæхтыл,
æмæ уæд Мæ адæм сæ бæрзæйæ
раппардзысты се 'фсондз,
се уæхсчытæ фервæздзысты
сæ уаргъæй».
26 Хуыцау тæрхон кæндзæни
зæххы цъарæн,
æппæт адæмтæм сисдзæни Йæ къух.
27 Уæларвæфсады Бардарæг
рахаста тæрхон —
чи йæ аивдзæн?
Уый систа Йæ къух —
чи Йын æй бауромдзæн?

28 Паддзах Ахазы амарды аз
уыдис ахæм рагуац:
29 «Филистимæгтæ, ма цин кæнут,
цы лæдзæгæй уæ надтой,
уый кæй ныппырх ис, ууыл,
уымæн æмæ маргджын калмы
уидагæй
райгуырдзæнис калм,
уымæй та — фат-калм.
30 Уæд Мæ адæмы мæгуырдæртæ
хæринагæй бафсæддзысты,
гæвзыччытæ æдас æмæ æнæмæтæй
цæрдзысты.
Сымах та Хуыцау сыдæй амардзæн,
чи ма уæ баззайа,
уыдоны та ныццæгъддзæн.
31 Сахары кулдуар, дзыназ!
Нырдиаг кæн ды дæр, сахар!
Фыр тæссæй ризут, филистимæгтæ,
уымæн æмæ цæгатæрдыгæй
æрбаввахс сты
фæздæджы къуыбылæйттæ —
уый æрбацæуы æфсад,
бырсынц æмдых-æмзондæй.
32 Уæдæ цы дзуапп раттын хъæуы
ацы адæмы минæвæрттæн?
Уыдонæн зæгъын хъæуы,
Сион сфидар кодта Дунедарæг,
æмæ дзы Йæ адæмы мæгуыртæ
сæ сæртæ бафснайдзысты, зæгъгæ».

**15** Рагуац Моавы тыххæй.
Куыд сафтид ис Ар-Моав —
дæрæнгонд æрцыди иу æхсæвмæ!
Куыд сафтид ис Кир-Моав,
бацарæфтыд иу æхсæвмæ!
2 Моавы цæрджытæ ссыдысты
Дивоны кувæн къуыбыртæм
æмæ уым еххæй кæуынц
Нево æмæ Медевайы сахартыл;
иууылдæр алвыдтой сæ сæртæ,
адастой сæ боцъотæ.
3 Уынгты хилынц сæхъис пæлæзты,
уæлхæдзæрттæ æмæ фæзтæй
се 'рдиаг хъуысы,
цыхцырæй кæлы сæ цæссыг.
4 Богъ-богъ кæнынц
Хешбон æмæ Елалейы цæрджытæ,
сæ хъæрахст суанг
Йахацы сахары онг хъуысы.
Моавы хæстонтæн дæр
сæ ныфс асаст æмæ æрдиаг кæнынц.
5 Мæ зæрдæ дзыназы
Моавы хъысмæтыл;
йæ адæм лидзынц Цоары сахармæ —
Еглат-Шелишимæ.
Кæугæйæ ссæуынц Лухиты хъæуы
хæрдыл;
Хоронаимы сахармæ фæндагыл
зæрдæхалæн хъарджытæ кæнынц.
6 Байсыстысты Нимримы суадæттæ;
хурмæ баруади кæрдæг,
цъæх зайæгхалæн йæ кой дæр нал ис.
7 Моавы адæм сæ фæллой
Хæристы дæлвæзы фалæмæ
фæхæссынц.
8 Адæмы æрдиаг суанг бæстæйы арæн-
ты онг айзæлы,
Еглаим æмæ Беер-Елимы сахартæм
хъуысы.
9 Димоны сахар цы доны был ис,
уый туг фестади, фæлæ сыл Æз
ноджы фыддæр фыдбылыз
бафтаудзынæн:
моавæгтæй ма чи аирвæзт,
уыцы бæстæйы ма чидæриддæр
баззади,
уыдонyл Æз се 'ппæтыл дæр
сардаудзынæн домбайы.

**16** Селайæ Сионы хохмæ
æдзæрæг быдырыл арвитут
уæрыччытæ —
бæстыхицауæн лæварæн.
2 Уымæн æмæ Арноны донуайæнты цур
моаваг чызджытæ рауай-бауай
кæнынц,
сæ ахстонæй кæй раппæрстой,
ахæм удаист лæппын цъиутау.
3 Бауынаффæ, зæгъ, нын кæн,
исты нын, зæгъ, æрхъуыды кæн.
Æмбисбоны æнтæфы нæ дæ базыры
бын бакæн,
æхсæвы тар алцы куыд баауuон кæны,
афтæ.
4 Моавы лигъдæттæ уал, зæгъ,
ацæрæнт дæумæ;
сæ фæдыл чи зилы, уыдоны къухæй
сæ бахиз.
Æфхæрæг куынæуал уа,
гæныстонгæнджытæ куы фесæфой,
5 уæд æрфидар уыдзæн паддзахдзинад,
æмæ паддзахы бадæныл,
Давиды цатыры,
æрбаддзæни рæстаг тæрхонгæнæг,
рæстдзинадыл хæцæг.
6 Мах фехъуыстам,
Моав куыд æнæввæрсон у,
йе схъæл митæн кæрон куыд нæй,
куыд къæйных æмæ куыд налат у,

куыд тутт сты йæ хиппæлой
ныхæстæ.
7 Уымæ гæсгæ йæ хъысмæтыл дзыназы
Моав,
æгас бæстæ кæуы!
Додой кæнут ныр,
кир-харесетаг чисмисджын гуылтæ
мысгæйæ!
8 Бахус сты Хешбоны сæндæттæ,
Сивмайы сæнæфсир дæр афтæ.
Адæмты барджынтæ йын
йæ хуыздæр талатæ бассæстой,
афтæмæй та уыдон кæддæр
суанг Йазеры онг аххæссыдысты,
дарддæр та апырх сты æдзæрæг
быдырыл.
Уым фæйнæрдæм райрæзтысты
æмæ суанг Мард денджызы фаллаг
фарсмæ
бахæццæ сты.
9 Уæдæ æз дæр Йазеры цæрджытимæ
Сивмайы сæнæфсирыл кæудзынæн.
Хешбон æмæ Елале,
мæ цæссыг уыл фæкалдзынæн,
уымæн æмæ тыллæгæфснайæнты
цины хъæр нал хъуысы сымахæй.
10 Сойджын зæххыл цин æмæ
хъæлдзæгдзинадæн
фесæфти сæ кой дæр,
сæндæттæй цины зарæг нал хъуысы.
Сæндондартæ сæн нал дуцынц сæ
сæндуцæнты,
кæрон æрцыди цины хъæртæн.
11 Хъисфæндырау дзыназы мæ зæрдæ
Моавыл,
мæ уд кæуы Кир-Хересы хъысмæтыл.

12 Моавæгтæ сæхи цасфæнды хъарæнт
сæ бæрзæндтыл нывæндтæ хæссыныл,
сæ кувæндонмæ цæуæнт æмæ
кувæнт —
уыдæттæ сын ницыуал баххуыс
уыдзысты.

13Моавæн ацы тæрхон Дунедарæг рахаста
раджы. 14Ныр та зæгъы: «Æртæ азы фæс-
тæ — нæдæр бон раздæр, нæдæр бон фæс-
тæдæр — кадджын Моавыл худинаджы гакк
сбаддзæн. Йæ бирæ дзыллæйæ ма армыдзаг
баззайдзæн æрмæст».

**17** Рагуац Дамаскы тыххæй.
Дамаскæн йе сæфт æрцæуы —
хæлддзæгты кæри фестдзæн.
2 Ароеры алыварс сахартæ
федзæрæг уыдзысты.
Æрмæст ма дзы фосы дзугтæ
ривæд кæндзысты æмæ сын тас никæ-
мæй уыдзæн.
3 Ефремы зæххыл фидаргонд сахар нал
баззайдзæн,
Дамаскы та — паддзæхтæ.
Арамы цæрджытæй ма чи аирвæза,
уыдонæн израилæгтау фесæфдзæни
сæ кад, —
зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг.

4 Уыцы бон Йаковы кад æрныллæг
уыдзæн,
смæллæг уыдзæн йæ нард буар.
5 Уыцы заман уыдзæни
тыллæгæфснайæнтау:
хуымгæрдæг бафснайы йæ хортæ,
æмæ уый фæстæ Рефаимы дæлвæзы
мæгуыртæ æруидзынц,
цы иугай æфсиртæ ма дзы аззайы,
уыдон.
6 Израилы адæм скуынæг уыдзысты,
оливæ бæлас куы ’рцæгъдынц,
уæд ма йæ цъуппыл дыууæ-æртæ,
йæ бинаг къалиутыл иугай гагатæ
куыд аззайы, уыйау, —
зæгъы Дунедарæг, Израилы Хуыцау.

7Уыцы бон алы адæймаг дæр йе ’ргом
раздахдзæни йе Скæнæгмæ, бацагурдзæн
Израилы Уаз Хуыцауы. 8Нал бакæсдзæн,
йæхæдæг кæй саразта, уыцы нывондхæс-
сæнтæм, йæхи къухæй кæй скодта, уыцы
Ашерæйы цæджындзтæ æмæ будсудзæнтæм.
9Уыцы бон сæ фидаргонд сахарты цæрæг
уд нал баззайдзæн, израилæгтæ кæй нып-
пырх æмæ федзæрæг кодтой, уыцы хиввæг-
тæ æмæ аморæгты сахартау.
10 Ды ферох кодтай
дæ ирвæзынгæнæг Хуыцауы,
дæ Къæдзæх æмæ дæ Фидар
дæ хъуыдыйы дæр нал уыди.
Ды скодтай диссаджы дыргъдæттæ,
ныссагътай æцæгæлон сæнæфсиры
талатæ.
11 Цы бон сæ ныссагътай,
уыцы бонæй фæстæмæ сæм зылдтæ,
цæмæй сырæзой æмæ дидинæг
ракалой.
Фæлæ дыл тыллæгæфснайæн заман
сау низ йеддæмæ ницы бафтдзæни.

12 О, додой! Дзыллæты уынæр хъуысы!
Денджызы абухынау — сæ хъæр.

Æмбу кæнынц знæт фурды уылæнтау.
13 Æмбухынц дзыллæтæ,
знæт фурды уылæнтау.
Фæлæ сæм Хуыцау бартхъирæн кодта,
æмæ фæстæмæ лидзæг фесты
дардмæ,
дымгæ зыгуымы муртæ хæхтыл куыд
ахæссы,
зилгæ уад рыг куыд сыздухы, уыйау.
14 Изæрæй сыл фыд азар бафтдзæн,
æмæ сæ райсоммæ иу дæр нал
баззайдзæн.
Ахæм хъысмæт кæсы не
стигъджытæм,
ахæм амонд — царæфтыд нæ чи код-
та, уыдонмæ.

**18** Додой йæ къона,
йæ базырты дыв-дыв кæмæн цæуы,
Эфиопийы цæугæдæтты фале
цы бæстæ æрбынат кодта, уымæн!
2 Уыцы бæстæй нæм денджызы
уылæнтыл
хъæзын бæлæгъты рарвыстæуыд
минæвæртты.

Цæугæут фæстæмæ уæ бæстæм,
рæувад минæвæрттæ!
Аздæхут уæ дæргъæлвæс, уæ коса
адæммæ,
хæстæгмæ дæр æмæ дардмæ дæр тас
чи æфтауы,
тыхджын æмæ уæлахизгæнæг чи у,
цæугæдæттæ алырдæмты
йæ зæхх кæмæн айгæрстой, уыцы
адæммæ.

3 О, дунейы цæрджытæ,
зæххыл цæрæг адæмтæ!
Хохы цъуппыл тохы тырыса куы
’рсагъдæуа,
уæд-иу æм скæсут!
Сыкъауадындз куы ныууаса,
уæд-иу æй фехъусут!
4 Дунедарæг мын загъта:
«Æз æнцад кæсдзынæн Мæ цæрæнæй
къæвдайы фæстæ хъарм уæлдæфау,
тыллæгæфснайæнты тæвд афон
æртæхæй æфсæст æврагъау.
5 Сæнæфсир тонын афонæй раздæр,
сæнæфсиртæ дидинæг куы ракалой
æмæ сæ гагатæ рæгъæд кæнын куы
байдайой,
уæд сын æхсæдæн кардæй
æркæрддзысты сæ къабузтæ,
асæтдзысты сын сæ зæнгтæ
æмæ сæ аппардзысты.
6 Ныууадздзысты сæ тугдзых мæргътæ
æмæ сырдтæн,
æмæ сæ мæргътæ хæрдзысты
сæрддæргъы,
сырдтæ та — зымæджы».

7 Уыцы заман Уæларвæфсады
Бардарæгæн,
цæугæдæттæ алырдæмты кæй
айгæрстой,
уыцы зæххæй схæсдзысты хуынтæ
дæргъæлвæс æмæ коса адæм,
хæстæгмæ дæр æмæ дардмæ дæр тас
чи æфтауы,
тыхджын æмæ уæлахизгæнæг чи у.
Схæсдзысты сæ, Уæларвæфсады Бар-
дарæджы ном
цы бынат хæссы, уырдæм, Сионы
хохмæ.

**19** Рагуац Мысыры тыххæй.

Дунедарæг рог æврагъыл
æртæхдзæни Мысырмæ.
Æмризæджы нырриздзысты Йæ цуры
Мысыры мæнгхуыцæуттæ,
æмæ Мысырæн асæтдзæни йæ ныфс.

2 Дунедарæг зæгъы:
«Æз мысырæгты кæрæдзиуыл
сардаудзынæн,
æмæ схæцдзысты æфсымæр
æфсымæримæ,
сыхаг сыхагимæ,
сахар сахаримæ,
паддзахад паддзахадимæ.
3 Сæ сæрæн нал уыдзысты мысырæгтæ,
сæ фæндтæ сын ныссуйтæ
кæндзынæн.
Уынаффæгур фæрсдзысты
гуымирыты, мæрдты монты,
мæрдтæмсидджыты æмæ
дæсныфæрсджыты.
4 Æз мысырæгты ратдзынæн
æгъатыр хицауы къухмæ,
тызмæг паддзах сын æлдариуæг
кæндзæни», —
зæгъы Дунедарæг, Уæларвæфсады
Бардарæг.

5 Денджызы дон стæнæг уыдзæни,
цæугæдæттæ байсысдзысты, баху-
ыскъ уыдзысты.

6 Дæтты дон смаг кæндзæн,
Мысыры цæугæдæттæ стæнæг уыдзысты, байсысдзысты;
цъæнут æмæ хъæз сау адардзысты.
7 Пыхсбынтæ æмæ æфсиры хуымтæ бахус уыдзысты
Нилы былгæрæтты,
дымгæ сæ ныххæлиу кæндзæни,
фæхæсдзæни сæ дард.
8 Ныхъхъынцъым кæндзысты кæфахсджытæ,
сдзыназдзысты, йе ’нгуыр-иу
Нилы чи баппæрста, уыдон,
нырхæндæг уыдзысты,
йæ кæфахсæн хыз-иу доны чи ауагъта, уыдон.
9 Гæнкуыстгæнджытæ ницыуал зондзысты сæ сæрæн,
хъуымацуафджытæн асæтдзæни сæ ныфс.
10 Æлвисджытæ нырхæндæг уыдзысты,
сæ ныфс асæтдзæн кусæг адæмæн.

11 Сæ зонд фæцыди Цоаны барджынтæн!
Фараоны куырыхонтæ,
йæ уынаффæйы лæгтæ,
æдылы уынаффætæ кæнынц.
Чи ма уæ бауæнддзæн фараонæн
йæхи рагон куырыхон паддзæхты байзæддаг схонын?
12 Цы фесты, фараон, дæ куырыхонтæ?
Зæгъæнт-ма дын уæдæ æмæ базонæнт,
Уæларвæфсады Бардарæг Мысырæн
цы тæрхон рахаста, уый!
13 Сæ зонд фæцыди Цоаны барджынтæн!
Сæхи сайынц Нофы барджынтæ дæр.
Сæ хистæрты зондæй Мысыры адæм
рæдыд фæндагыл адзæгъæл сты.
14 Дунедарæг сын сæ сæрызонд фæцæуын кодта,
æмæ мысырæгты галиу фæндæгтæм аздæхтой.
Адæм æнæхъола цоппай кæнынц,
расыг лæг йæ омдзæджы
куыд фæрабыр-бабыр кæны, уыйау.
15 Нал баххуыс кæндзæни Мысырæн
нæдæр сæр, нæдæр къæдзил,
нæдæр уæздан, нæдæр сау лæг.
16 Уыцы бон мысырæгтæ сылгоймæгтау
ныззыр-зыр кæндзысты, Уæларвæфсады
Бардарæг сæм Йæ къух куы сиса, уæд. 17 Иу-
дейæгты зæххæн-иу æрмæст йæ койæ дæр
мысырæгтæн сæ зæрдæ бауазал уыдзæн.
Уæларвæфсады Бардарæг сын цы тæрхон
рахаста, уый сæ кæмæнфæнды йæ хъуыдыйы
куы ’рæфта — фыр тæссæй-иу нырриздзæн.
18 Уыцы заман Мысыры сахартæй фондз
райдайдзысты дзурын ханаанæгты æвза-
гыл. Уæларвæфсады Бардарæгæн расомы
кæндзысты, иузæрдион Ыл кæй уыдзысты,
уый тыххæй; сахартæй иу схондзысты Ху-
ры сахар.
19 Уыцы бон Дунедарæгæн Мысыры бæс-
тастæу æвæрд æрцæудзæни нывондхæссæн,
йæ арæныл та — Дунедарæджы уаз дур: 20 Уæ-
ларвæфсады Бардарæджы æвдисæн æмæ Йæ
нысан Мысыры зæххыл.
Мысыры æфхæрд адæм Дунедарæгмæ
куы сдзыназой, уæд сын Уый рарвитдзæнис
ирвæзынгæнæджы, сæрылхæцæджы, æмæ
сæ уый фервæзын кæндзæн. 21 Афтæмæй
Дунедарæг Йæхи раргом кæндзæни мысы-
рæгтæн, æмæ Йæ уыдон базондзысты æмæ
Йын нывæндтæ æмæ хойраджы хуынтæ
æрхæсдзысты, сомы Йын ракæндзысты æмæ
сæ сомытæ сæххæст кæндзысты. 22 Афтæмæй
Дунедарæг Мысыры адæмыл бафтаудзæни
Йæ фыдæх, цæмæй сын уый фæрцы сæ цард
банывыл кæна. Уыдон Дунедарæгмæ се ’ргом
сараздзысты, æмæ сын Уый фехъусдзæни
сæ куывдтытæ æмæ сын ахъаз бакæндзæн.
23 Уыцы заман Мысырæй Ассирийы ’хсæн
уыдзæни уæрæх фæндаг, стыр бастдзинæд-
тæ. Ассириæгтæ цæудзысты Мысырмæ, мы-
сырæгтæ та — Ассиримæ, æмæ мысырæгтæ
ассириæгтимæ иумæ кувдзысты Дунедарæг-
мæ. 24 Уыцы заман Израил Мысыр æмæ Ас-
сирийæн суыдзæни се ’ртыккаг æмбал — се
’мдæндаг. Æмæ Израилы фæрцы æгас зæхх
дæр арфæгонд фæуыдзæн. 25 Уæларвæфса-
ды Бардарæг сын ахæм арфæ ракæндзæн:
«Арфæгонд уæнт Мæ адæм — мысырæгтæ,
Ме сконд адæм — ассириæгтæ æмæ Мæ
исбон — Израил!»

**20** Ассирийы æфсады хицау йæ паддзах
Саргоны бардзырдмæ гæсгæ Ашдоды са-
хармæ цы аз бабырста æмæ йæ бацахста,
2 раст уыцы заман Дунедарæг Амоцы фырт
Исайайæн бафæдзæхста:

«Дæ сæхъис пæлæз æмæ дæ дзабыртæ ра-
лас». Исайа раласта йæ пæлæз æмæ йæ дза-
быртæ æмæ бæгънæг-бæгъæввадæй цыди.
3 Дунедарæг загъта: «Мæ цагъар Исайа æртæ
азы бæгънæг-бæгъæввадæй кæй цæуы, уый
Мысыр æмæ Эфиопийæн у æвдисæйнаг:

**19:13** Ноф – Мемфис.

[4]бæгънæг æмæ бæгъæввадæй, суанг се 'рба-
дæнтæ дæр — Мысыры худинагæн — гом
уыдзысты, афтæмæй Ассирийы паддзах,
Мысыры уацары кæй райста æмæ Эфиопийы
бæстæй цы адæмы ракодта, уыдоны æры-
гонæй, зæрондæй аскъæрдзæни йæ разæй.
[5]Уæд зæрдæсаст фæуыдзысты, Эфиопийыл
йæ зæрдæ чи дардта æмæ Мысыры хъомыс
бæрзонд æвæрд кæмæ уыд, уыцы адæмтæ,
æмæ сæ худинаджы хъæр айхъуысдзæн».
[6]Денджызгæрон бæстæты адæмтæ дзур-
дзысты: «Мæнæ цы 'рцыди, нæ зæрдæ кæуыл
дардтам, уыдоныл, æххуысагур кæмæ цыдыс-
тæм, Ассирийы паддзахæй нæ фервæзын кæ-
нут, зæгъгæ! Куыд ма фервæздзыстæм ныр?»

**21** Рагуац денджызгæрон æдзæрæг бæс-
тæйы тыххæй.

Негевы сæрты знæт зилгæ уад куыд
фæцæйтæхы,
уыйау ссæуы бæллæхы уац æдзæрæг
бæстæй,
тасæфтауæг зæххæй.
[2] Хуыцау мын фенын кодта
тасуадзæг цæстылуайæн:
«Уæйгæнæг гадзрахатæй цæуы,
гæныстонгæнæг стигъы.
Бабырсут, еламæгтæ!
Мидиæгтæ, æрхъула кæнут!
Æз кæрон скæндзынæн адæмты
хъæрзынæн».

[3] Мæ хуылф æгасæй дæр риссы,
саутухæны бафтыдтæн арæг
сылгоймагау.
Цы хъусын, уымæй арвы цæфау
фæдæн,
цы уынын, уымæй стыр катайы
бацыдтæн.
[4] Тас бацыди мæ зæрдæйы,
æмризæджы ризын.
Изæрмилтæм-иу зæрдиагæй æнхъæл-
мæ кастæн,
ныр мыл уыдон дæр стыр тас
æфтауынц.

[5] Фынг æрæвæрдтой,
гауызтæ æрытыдтой
æмæ минас кæнынц.
Æвиппайды ныхъхъæр чындæуыд:
«Сыстут, барджынтæ,
байсæрдут уæ уартытæ!»
[6] Дунедарæг мын бафæдзæхста:
«Цæугæ æмæ хъалагъур сæвæр —
цы уына, уый-иу хъусын кæнæд.
[7] Дыгæйттæй цæуæг барджытæ куы
фена,
ноджы ма — хæрджытæ æмæ теуатыл
цæуджытæ,
уæд сæм лæмбынæг кæсæд,
байхъусæд-иу лæмбынæг».
[8] Æмæ хъалагъур домбайы рыхт
ныккодта:
«О Дунедарæг! Æгас бон фæдардтон
мæ хъус,
æрвылæхсæв хъалагъур лæууыдтæн,
[9] æмæ мæнæ рацæуынц адæм,
дыгай барджытæ фæрсæй-фæрстæм».
Уый фæстæ ныхъхъæр кодта:
«Бабын ис, бабын ис Вавилон!
Йæ гуымирытæ базгъæлæн сты
æмæ лæзæрынц зæххыл».

[10]Уæ мæ адæм, найгонд чи æрцыд му-
сы! Уæларвæфсады Бардарæгæй, Израилы
Хуыцауæй, цы фехъуыстон, уый уын ныр
хъусын кæнын.

[11]Рагуац Думайы тыххæй.
Сеирæй мæм хъæр кæнынц:
«Хъалагъур! Æхсæвæй ма цас ис?
Æхсæвæй ма цас ис?»
[12] Хъалагъур сын дзуапп дæтты:
«Сæумæрайсом у, фæлæ æхсæв нæма
фæци.
Кæд ма уæ ноджы бафæрсын фæнды,
уæд-иу æрбацæут ногæй æмæ фæрсгæ
кæнут».

[13]Рагуац Аравийы тыххæй.
Аравийы хъæдты бахсæвиуат кæнут,
деданæгты чырæтæ!
[14] Дойныйæ мæлæг адæмæн раттут дон,
Темайы цæрджытæ!
Лигъдæттæн рахæссут къæбæр!
[15] Уымæн æмæ уыдон лидзынц кардæй,
æлвæст кард æмæ фатæй —
хæсты тымыгъæй.

[16]Дунедарæг мын загъта: «Афæдзы фæс-
тæ — нæдæр бон раздæр, нæдæр бон фæстæ-
дæр — Кедары кадæй ницыуал баззайдзæн.
[17]Йе 'хсарджын фатæхсджытæй дæр бирæтæ
нæ аирвæздзысты». Афтæ загъы Дунедарæг,
Израилы Хуыцау.

**22** Рагуац Цæстылуайæнты дæлвæзы
тыххæй.

Дæ цæрджытæ уæлхæдзæрттæм цы
схызтысты?

[2] Цы схъомпал дæ, сахар,
дæ хъæлæба, дæ цины уынæр куы
хъуысы!
Дæ адæмæй чи фæмард ис,
уыдон кардылæфтыд нæ фесты,
тохы быдыры нæ байсæфтой сæ
сæртæ.
[3] Тохы быдырæй æмхуызонæй
ралыгъдысты дæ фæтæгтæ,
фæлæ уацары бахаудтой,
сæ иуыл дæр дзы фат суадзыны сæр
фыдгулы нæ бахъуыди, афтæмæй.
Дæ хæстонтæй дард чи алыгъд,
уыдон дæр уацарæй нæ фервæзтысты.
[4] Уымæ гæсгæ æз зæгъын,
ныууадзут мæ мæхи бар.
Æз зæрдæхалæн хъарæг кæндзынæн.
Ныфсæвæрæн ныхæстæ мын ма
кæнут,
уымæн æмæ бабын сты мæ адæм.
[5] Уый у Дунедарæджы, Уæларвæфсады
Бардарæджы, бон
Цæстылуайæнты Дæлвæзы.
Уый у сахары систæ дæрæнгæнæн бон
æмæ хæхтæм æххуысмæ дзыназыны
бон.
[6] Еламаг хæстонтæ æрбабырсынц æд
сагъадахътæ,
æд тохуæрдæттæ æмæ æд бæхæфсад.
Киры хæстонтæ дæр
сæ уартытæ исынц сæ агъудтæй.
[7] Дæ хуыздæр дæлвæзтæ
байдзаг сты тохуæрдæттæй,
фыдгулы бæхæфсад
сахары кулдуары раз æрлæууыд.
[8] Иудей æнæхай фæци йæ фидæрттæй.

Уыцы бон ма сымах уæ ныфс дардтат, Ли-
вайнаг хъæдæй фæлыст галуаны уын цы
хотыхтæ æфснайд уыди, уыдоныл. [9]Сымах
федтат, Давиды сахары быру бирæ рæтты
къахыртæ æмæ пырхытæ кæй уыд, уый. Дон
æфтауц кодтат Дæллаг Цады. [10]Йерусали-
мы хæдзæрттæй-иу, фехалæн дзы кæй уыд,
ахæмтæ равзæрстат æмæ-иу сæ фехæлдтат,
цæмæй сын сæ хæлддзæгтæй сахары быру
бампъузат. [11]Быруйы къулрæбын ног дон-
уат скъахтат æмæ йæм зæронд цадæй дон
рауагътат.

Фæлæ сымах, æппæт адæтты тыххæй
рагацау уынаффæ Чи рахаста, Уымæ нæ
кастыстут, æмæ уыдæттæ раджы заманы Чи
сфæнд кодта, Уымæ уе 'ргом нæ раздæхтат.

[12] Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
сымахæн фæдзæхста,
цæмæй уыцы бон сау дарат æмæ
дзыназат,
уæ сæрыхил алвынат
æмæ уæ уæлæ сæхъис скæнат.
[13] Фæлæ сымах уый бæсты
хъæлдзæгдзинад сарæзтат;
цин кæнут, галтæ æмæ фыстæ
æргæвдут,
дзидза хæрут, сæн нуазут æмæ
дзурут:
«Цæй уæдæ хæрæм æмæ нуазæм —
уæддæр райсом мæлгæ кæндзыстæм!»
[14] Уæларвæфсады Бардарæг мын загъта:
«Ацы тæригъæд уын хатыргонд нæ
уыдзæн
уæ амæлæты бонмæ дæр».
Афтæ загъта Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг.

[15]Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
загъта: «Бацу-ма уыцы Шевнамæ, паддзахы
галуаны фæткдармæ, æмæ йын зæгъ,
[16] ам, зæгъ, цы агурыс,
чи дын, зæгъ, радта уыцы бар,
æмæ ам, уæлвæзы, къæдзæхыл,
дæхицæн скæнай зæппадз,
айнæджы хуылфы — хæдзар?
[17] Дунедарæг дæ ардыгæй фехсдзæн,
богал,
алырдыгæй дæ æрбалвасдзæн,
[18] къуыбылойау дæ стухдзæн
æмæ дæ пуртийау
æгæрон тыгъд быдырмæ ныззыввытт
ласдзæн.
Уым ссардзынæ дæ мæлæт,
æмæ уым баззайдзысты
дæ диссаджы тохуæрдæттæ дæр.
Дæ паддзахы сæр фæфидиссаг кодтай!
[19] Æз дæ уый тыххæй
раппардзынæн дæ бынатæй,
дæ кадджын бадæнæй дæ
расхойдзынæн».

[20]Дунедарæг загъта: «Уыцы бон Æз фæсид-
дзынæн Мæ цагъар Елиакиммæ, Хилкиайы
фыртмæ, [21]скæндзынæн ыл дæ кадджын
дарæс, бабæтдзынæн ыл дæ рон æмæ йæ дæ
бæсты паддзахы барджынæй сæвæрдзынæн.
Уый Йерусалимы цæрджытæ æмæ æппæт
иудейæгтæн суыдзæни сæ фыд. [22]Давиды

**22:8** Ливайнаг хъæдæй фæлыст галуан 3 Паддзахæдты чи-
ныгмæ гæсгæ йæ заманы саразын кодта паддзах Соломон
(3 Пад 7:2; 10:16–17), æвæрд дзы уыди фондзсæдæ сыгъзæрин
уарты.

галуаны дæгъæлтæ йын бакæндзынæн йæ
къухы, æмæ галуаны дуарæн йæ бакæнын
дæр, стæй йæ рахгæнын дæр æрмæст Ели-
акимы бар уыдзæн.
23 Æз æй зæгæлау бæстон ныффидар кæн-
дзынæн, æмæ йæ мыггаджы кад бæрзонд
сисдзæни.
24 Фидар зæгæлау уромдзæни æмæ нæ
фæцудын кæндзæн йæ фыды хæдзары кад,
цудын нæ бауадздзæн йæ байзæддаджы кад
дæр — цотæй, цоты цотæй. Йæ бар уыдзысты
суанг йæ хæдзары мигæнæтæ дæр, чысыл
къусæй дурыны онг».
25 «Уыцы бон, — зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг, — фидар ран цы зæгæл нықъ-
къуырдæуыд, уый сызмæлдзæн æмæ ра-
хаудзæн, цыдæриддæр ыл ауыгъд уыди,
уыдон ныппырх-ныззгъæлæн уыдзысты».
Афтæ зæгъы Дунедарæг.

**23** Рагуац Тиры тыххæй.
Кæут, дзыназут, Таршишы наутæ!
Наулæууæн сахар ныппырх ис —
иу бæстыхай дæр дзы нал баззад!
Наутæрджытæ уыцы хабар
фехъуыстой,
Киттимæй сæхимæ куы ’рбаздæхтыс-
ты, уæд.
2 Ныхъхъус ут, денджызгæрон
цæрджытæ,
наудзогты фæрцы йæ исбонил чи
æфтыдта,
уыцы сидойнаг сæудæджертæ!
3 Денджызы стыр доны сæрты
ардæм цыдис алцы, —
Шихоры хор, Йеоры тыллæг!
4 Ныр дæ худинаджы хъæр
айхъуысти, Сидон!
Мæнæ цы зæгъы денджыз, денджыз-
гæрон фидар:
«Мæ цотæй æнæхай фæдæн,
раст цыма арыны тухæнтæ не
’взæрстон
æмæ цот нæ ныййардтон;
раст цыма не схастон лæппутæ
æмæ не схъомыл кодтон чызджытæ».
5 Мысырæгтæ фыр тæссæй
ныррииздзысты
Тиры сæфты коймæ.
6 Дзыназут, денджызгæрон цæрджытæ,
лидзгæут Таршишмæ!
7 Цы ’рцыди уæ рагон сахар Тирыл,
йæ цины хъæр-иу кæмæн хъуысти,
ууыл?
Ныр сымах рахау-бахау кæндзыстут,
æцæгæлон зæххыл, дард бæстæты
цæрдзыстут.
8 Чи рахаста ахæм уынаффæ Тиры
тыххæй,
паддзахы кады худтæ-иу чи
байуæрста,
йæ базаргæнджытæ-иу
барджын хицæуттæ кæмæн систы,
йæ сæудæджертæ — номджын
æлдæрттæ,
уыцы сахары тыххæй?
9 Ахæм уынаффæ рахаста
Уæларвæфсады Бардарæг!
Уый фегад кодта сæрбæрзонд
æмæ цытуарзаг чи у, уыдоны,
æрныллæг кодта номджын æлдæртты.
10 Таршишы чызг, уæрæх цæугæдонау
ныр дæ ных фæстæмæ дæ хæдзармæ
сараз,
уымæн æмæ наулæууæн нал ис.
11 Дунедарæг Стыр денджызмæ
Йæ къух систа,
денджызгæрон паддзахæдтæ
ныууыгъта,
Ханааны фидæрттæ ныппырх кæнын
кодта.
12 Уый загъта:
«Ныр дæ цины хъæр нал
райхъуысдзæн,
чи фегад ис, уыцы чызг, Сидоны чызг!
Киттимы ’рдæм адар дæ фæндаг!
Æцæг, уым дæр не ссардзынæ æнцой».

13 Гъе уый дын халдейæгты бæстæ! Йæ кой
дæр нал ис. Ассириæгтæ йæ, æдзæрæг бы-
дыры цы хъæддаг сырдтæ цæрынц, уыдоны
бар бакодтой. Сæхицæн мæсгуытæ самадтой
æмæ йын ныппырх кодтой йæ фидæрттæ,
хæлддзæгтæ йæ фестын кодтой.

14 Дзыназут, Таршишы наутæ!
Уæ ныфсы мæсыг ныппырх ис.
15 Æрцæудзæнис ахæм рæстæг:
æвдай азы дæргъы (иу паддзахы цар-
ды æмгъуыд)
Тирæн йæ кой дæр нал уыдзæн.
Фæлæ æвдай азы фæстæ Тиры хъыс-
мæт уыдзæн,
хæтаг сылыл цы зарæг ис, уыйау:
16 «Райс дыууадæстæнон,
сахарыл æрзил, рохуаты баззайæг
хъæхбай!
Дæсны æрцæгъд,
зарæг зарæджы фæдыл зар —
чи зоны дæ æрымысой!»

17 Ӕвдай азы фӕстӕ Дунедарӕг Тиры са-
хармӕ ӕркӕсдзӕн, ӕмӕ та сахар йӕ раздӕ-
ры ӕфтиаг исдзӕн, уымӕн ӕмӕ та дунейы
ӕппӕт паддзахӕдтимӕ ногӕй ӕнӕуаг ми-
тыл бафтдзӕн. 18 Фӕлӕ ныр йӕ сӕудӕджеры
бакуыст, йе 'фтиаг нывонд кӕндзӕни Дуне-
дарӕгӕн. Къӕбицтӕ ӕмӕ йӕ ӕфтауцуӕт-
тӕм не 'мбырд кӕндзысты, фӕлӕ йӕ дӕт-
дзысты, Дунедарӕджы раз аргъуыцгӕнгӕ
чи цӕры, уыдонӕн, цӕмӕй сӕхи ӕфсадой
ӕмӕ цӕуой зынаргъ дарӕсы.

**24** Дунедарӕг гӕныстон фӕкӕндзӕни зӕхх,
ныззаууат ӕй кӕндзӕн —
зӕхх аивдзӕни йӕ хуыз,
йӕ цӕрджытӕ ныххӕлиу уыдзысты.
2 Иу у сӕ хъысмӕт се 'ппӕтӕн дӕр:
сауджынтӕ ӕмӕ адӕмӕн,
барджынтӕ ӕмӕ дӕлдӕртӕн,
ӕхсинтӕ ӕмӕ унӕуттӕн,
уӕйгӕнджытӕ ӕмӕ ӕлхӕнджытӕн,
цъынды чи дӕтты ӕмӕ хӕс чи дары,
уыдонӕн,
пайдайы охыл ӕфстау дӕтджытӕ
ӕмӕ ӕфстау исджытӕн.
3 Бынтондӕр ныггӕныстон
ӕмӕ ныххӕлӕттаг уыдзӕн зӕхх,
уымӕн ӕмӕ афтӕ загъта Дунедарӕг.

4 Хъынцъым кӕны, баруади зӕхх,
ӕгас дуне ныттар ис ӕмӕ сӕфы;
зӕххыл цӕрӕг адӕмӕн
сӕ барджын хицӕуттӕ сӕфынц.
5 Зӕхх фегад кодтой йӕ цӕрджытӕ,
сӕ къух систой Хуыцауы ӕгъдауыл,
сзыгъуыммӕ Йын кодтой Йӕ
уагӕвӕрдтӕ,
фехӕлдтой мыггагмӕйы фидыд.
6 Уымӕ гӕсгӕ ӕлгъыст ӕрцӕудзӕни
зӕхх —
ӕфхӕрд баййафдзысты йӕ
цӕрджытӕ;
скуынӕг уыдзысты адӕм,
бирӕ сӕ нал баззайдзӕн.

7 Сӕн байсысти, сӕнӕфсиры зӕнг
баруади;
цинӕй чи ради, уыдон ныр хъӕрзынц.
8 Далаты цины хъӕр нал хъуысы,
цингӕнӕг адӕмы хъӕлӕс бамыр ис,
бамынӕг дыууадӕстӕнонты цагъд;
9 цины зарджытимӕ сӕн нал нуазынц
адӕм,
мастад кӕны хъӕбӕр нозт дзыхы.
10 Федзӕрӕг сахар, ныппырх,
йӕ хӕдзӕрттӕ — ӕхгӕд,
бацӕуӕн сӕм нӕй.
11 Уынджы цӕуджытӕ ӕрдиаг
кӕнынц —
сӕн нал ис!
Хъӕлдзӕгдзинадӕн нал ис йӕ кой
дӕр,
циндзинад фӕлыгъди а бӕстӕй.
12 Сахар ныззаууат,
йӕ кулдуар рафӕлдӕхт.

13 Зӕххы цъары адӕмтӕн сӕ уавӕр уы-
дзӕни, оливӕ бӕлӕстӕ куы 'рцӕгъдынц
кӕнӕ ма тыллӕгисӕны фӕстӕ сӕнӕфсирыл
цы цупӕлттӕ аззайы, уыдон куы 'ртонынц,
уый хуызӕн.
14 Адӕмтӕй ма чи баззайа, уыдон хъӕ-
лӕсыдзагӕй стаудзысты Дунедарӕджы
кад, ныгуылӕнӕрдыгӕй сӕ цины хъӕр
хъуысдзӕн.
15 О скӕсӕны дзыллӕтӕ, кад кӕнут Дуне-
дарӕгӕн! Денджызгӕрӕтты цӕрджытӕ, кад
кӕнут Дунедарӕгӕн, Израилы Хуыцауӕн!
16 Арвы кӕронӕй нӕм кады зарӕг хъуысы:
«Кад уӕд Рӕстӕвзарӕн!»
Фӕлӕ ӕз загътон: «Ме сӕфт ӕрцыди, додо-
йаг фӕдӕн! Гадзрахатӕй цӕуынц уӕйгӕн-
джытӕ, сӕ гадзрахат фылдӕрӕй-фылдӕр
кӕны!»
17 А зӕххы цӕрджытӕм гӕппӕввонгӕй
лӕууынц ӕвирхъӕу тас, хъоргъ ӕмӕ ахсӕн
хыз. 18 Ӕвирхъӕу тасы хъӕр фехъусгӕйӕ,
лидзынмӕ чи фӕуа, уый ныххаудзӕни хъор-
гъы, хъоргъӕй чи сбыра, уый та бахаудзӕн
ахсӕн хызы.
Арвы дуӕрттӕ фегом уыдзысты, зӕххы
бындуртӕ нынкъуысдзысты. 19 Зӕхх скъуыд-
тӕ кӕндзӕн, ӕнкъуысдзӕн ӕмӕ ӕмри-
зӕджы ризздзӕн. 20 Расыг лӕгау дзедзырой
кӕндзӕн, ӕнкъуысдзӕни мӕнгӕфсон хала-
гъудау. Йӕ фыдракӕндтӕ йыл сӕ уӕз куы
'руадзой, уӕд афӕлдӕхдзӕн ӕмӕ никуыуал
схӕцдзӕн йӕхиуыл.
21 Уыцы заман Дунедарӕг Йӕ азары амӕт-
таг бакӕндзӕн уӕларвӕфсад дӕр ӕмӕ зӕх-
хон паддзӕхты дӕр. 22 Ахӕстытау хъоргъы
ӕппӕрст ӕрцӕудзысты иумӕ. Бирӕ бонты
сӕ гуыдырӕхгӕдӕй фӕдардзысты, стӕй
сӕ бафхӕрдзысты. 23 Мӕй ныссырх уыдзӕн
ӕмӕ хур къӕмдзӕстыгӕй баззайдзӕн, уы-
мӕн ӕмӕ Уӕларвӕфсады Бардарӕг пад-
дзахиуӕг кӕндзӕни Сионы хохыл, Йеру-
салимы, ӕмӕ Йӕ кад адӕмы хистӕртӕн
раргом кӕндзӕн.

**25** Дунедарæг, Ды — мæ Хуыцау!
Стауын Дæ — кад Дын кæнын Дæ
номæн!
Ды сарæзтай æмбисонды
хъуыддæгтæ —
цы фæнд дæм æрцыди раргзаманы,
уый ныр сæххæст кодтай, иузæрдион
Хуыцау!

2 Дæ фæндæй сахар дурты цæнд
фестад,
бырухгæд сахар — хæлддзæгтæ;
æнæхуыцæуттæ нал ис сахары,
хæлддзæгты бынæй нал сыстдзæн
мыггагмæ.
3 Уымæ гæсгæ Дын
кад кæндзысты хъомысджын
адæмтæ,
æгъатыр адæмты сахартæ
аргъуыц кæндзысты Дæ разы.
4 Мæгуыргуртæн, æдзухъомтæн
сæ тыхсты заман Ды — се 'мбæхсæн:
тыгъдызæйæ сæ хъахъхъæдтай,
æнтæфы-иу сын ауон фестадтæ.
Тыхгæнджыты улæфт —
æнгом быруйыл хи ныххуырсæг уадау;
5 æцæгæлæтты рыхын —
æнæдон быдыры æнтæфау.
Фæлæ Ды æнтæф атыхтай
мигъаууоны,
æмæ нал фехъуысти æфхæрджытæн
сæ зарын.

6 Уæларвæфсады Бардарæг æппæт
адæмтæн
Сионы хохыл куывд скæндзæн.
Фынгтæ зæхмæ тасдзысты алы
минасæй,
дзидзайы нард, стæджы магъз æмæ
сæны дзæбæхæй.
7 Дунедарæг уыцы хохыл,
æппæт адæмты цы 'мбæрзæн
æрбатыхта,
цы фæлм сæ æхгæны, уый фесафдзæн;
8 мæлæтæн мыггагмæ скæндзæни
кæрон,
алкæмæн дæр йæ цæссыгтæ
ныссæрфдзæн,
зæххы цъарыл Йæ адæмы
худинагæй бахиздзæн.
Афтæ загъта Дунедарæг.

9 Уыцы бон дзурдзысты:
«Уый нæ Хуыцау у!
Нæ зæрдæ Йыл дардтам,
æмæ нæ фервæзын кодта!
Уый Дунедарæг у, Уыыл дардтам нæ
зæрдæ!
Уæдæ цин кæнæм,
цины зарæг сисæм,
уымæн æмæ фервæзтыстæм!»
10 Дунедарæг Йæ арм дардзæни Сионыл.
Моав ссæст æрцæудзæн,
хъæмп фаджысы куыд ныссæндынц,
уыйау.
11 Йæ къухтæ ма ленкгæнæгау цасфæн-
ды тилæд —
Хуыцау æй уæддæр æрныллæг
кæндзæн —
цыфæнды тылд кæнæд йæ къухтæ.
12 Дæ бæрзонд æмæ фидар систæ дын
рафæлдахдзæн,
рыг сæ фестын кæндзæн.

**26** Уыцы бон Иудейы зæххыл ахæм зарæг
сисдзысты:
«Нæ сахар хъомысджын у, фидар!
Хуыцау нæ фервæзын кодта,
сахары алыварс сис æмæ сыджытбыру
самайæгау.
2 Байгом кæнут кулдуар,
уадз æмæ мидæмæ бацæуой рæстаг
адæм,
Хуыцауы иузæрдион адæм.
3 Удвидар, æнæфæцудгæ чи у,
уыдоны Ды схайджын кæныс фарнæй,
уымæн æмæ Дæуæй сты ныфсджын.
4 Дунедарæгыл уæ зæрдæ дарут
мыггагмæ,
уымæн æмæ Уый не 'нусон Къæдзæх у!
5 Уый раппæрста, уæлиау чи царди,
уыдоны,
бæрзонд лæууæг сахар ныппырх кодта
æмæ йæ рыджы хай бакодта.
6 Ныр къæхты бын ныцци —
цæуынц ыл къахæй мæгуыртæ,
гæвзыччытæ».

7 Рæстаг лæгæн йæ фæндаг раст у —
Дæхæдæг æй кæныс рæствæндаг.
8 Дунедарæг! Дæ азар нæ куы баййафы,
уæд дæр ныфсджын вæййæм Дæуæй.
Дæумæ кувæм, Дæу мысы алкæддæр
нæ уд.
9 Мæ зæрдæ Дæм æхсæв дæр тырны,
Дæу агуры сæумæрайсом мæ уд.
Ды зæххæн раст тæрхон куы
фæкæныс,
уæд дунейы цæрджытæ базонынц
рæстдзинад цы у, уый.

10 Фыдгæнæгæн йæ фыдракæнд барст
куы ’рцæуа,
уæд, рæстдзинад цы у, уый нæ
базондзæн.
Уый нæ, фæлæ та дарддæр кæндзæни
фыдмитæ,
раст адæм кæм цæрынц, уыцы
зæххыл,
Де стырад дын ницæмæ ’рдардзæн.
11 О Дунедарæг!
Ды Дæ къух бæрзонд систай,
фæлæ йæ уыдон нæ уынынц.
Дæ адæмы сæрыл куыд хæцыс,
уый куы феной,
уæд фæхудинаг уыдзысты;
цы арттæрхон сæм кæсы,
уый аныхъуырдзæн Де знæгты.
12 О Дунедарæг!
Ды нын фарн балæвар кæндзынæ.
Нæ хъуыддæгтæ иууылдæр — Дæуæй
аразгæ.
13 О Дунедарæг, нæ Хуыцау!
Æндæр хицæуттæ дæр ныл æлдари-
уæг кодтой,
фæлæ æрмæст Дæ номæн кæнæм
кад!
14 Дæ фыдгултæн сæ мæрдтæ нæ райгас
уыдзысты,
сæ хæрвæгтæ нæ рацæудзысты
ингæнтæй,
уымæн æмæ сæ Ды бынысккъуыд
фæкодтай,
сæ кой дæр куыд никуыуал уа, афтæ.
15 О Дунедарæг!
Ды сбирæ кодтай Дæ адæмы,
суæрæх сын кодтай сæ арæнтæ,
æмæ уымæй Дæхи скадджын кодтай.

16 О Дунедарæг!
Бæллæхы заман Дæу агурынц адæм,
цæмæй сын ахъаз бакæнай.
Куы сæ бафхæрыс, уæд дæм
мынæг хъæлæсæй фæкувынц.
17 Æвгъæддон сылгоймаг аргæ-арын
куыд фæтухæн кæны,
фыр рыстæй куыд фердиаг кæны,
афтæ уыдыстæм мах Дæ цуры,
Дунедарæг.
18 Мах дæр сылгоймагау уыдыстæм
æвгъæддон,
фæлæ дымгæ йеддæмæ ницы
ныййардтам.
Нæ бон нæу ацы зæхх фыдæвзарæнæй
бахизын,
ног цæрджытæ йыл рантысын кæнын.

19 О Дунедарæг! Райгас уыдзысты Дæ
мæрдтæ,
мард буæрттæ раздæхдзысты цардмæ!
Райхъал ут æмæ цинхъæр кæнут,
дæлдзæххы цæрджытæ!
О Дунедарæг! Ды дæ рухстау æртæхау,
æмæ зæхх мæрдты раппардзæни йæ
хуылфæй.

20 Уæ мæ адæм! Уæ хæдзæрттæм
бахизут,
уæ дуæрттæ сæхгæнут æмæ афтæмæй,
цалынмæ Хуыцауы азар аивгъуыйа,
уæдмæ уæхи бафæсвæд кæнут.
21 Дунедарæг рацæуы Йæ цæрæнæй,
цæмæй зæххы цæрджыты
сæ фыдракæндты тыххæй бафхæра.
Зæхх равдисдзæн,
цы туг ыл ныккалдæуыд, уый,
нал басусæг кæндзæн йæ мæрдты.

**27** Уыцы бон Дунедарæг
Йæ уæззау, стыр æмæ æгъатыр кард
æруадздзæн
йæ сæр æфснайынмæ тындзæг
Левиафаныл,
ратас-батасгæнæг залымыл —
амардзæни Левиафаны.

2 «Уыцы уæлахизы бон-иу
алæмæты сæндоныл зарут:
3 Æз, Дунедарæг, дæн йæ
хъахъхъæнæг;
алы уысм æй æфсадын донæй,
хъахъхъæнын æй æхсæвæй-бонæй —
фыдбылыз ыл ма æрцæуа.
4 Мæ маст æм ссыди,
фæлæ дзы какcontainerтæ æмæ сындзытæ
куы фенон,
уæд сæ срæдувдзынæн,
бынсыгъд сæ бакæндзынæн.
5 Фæлтау фыдгултæ Ме ’вджид бакæ-
нæнт сæхи,
Мемæ бафидауыны зонд сæм
æрцæуæд,
æмæ бафидауæнт».

6 Сомбон Йаковы байзæддæгтæ
ног уидæгтæ ауадздзысты.
Израил ног талатæ суадздзæн
æмæ дидинæг ракалдзæн,

**27:1** Левиафан – денджызон мамм рагон семитаг мифологи-
йы, ацы ран у Тиры символ.

ӕгас дуне байдзаг уыдзӕн йӕ
дыргътӕй.
7 Дунедарӕг кӕд дӕрӕн кодта Израилы
адӕмы,
сӕ дӕрӕнгӕнджытӕ сӕ куыд дӕрӕн
кодтой, афтӕ?
Кӕд сӕ мардта,
сӕ марджытӕ сӕ куыд мардтой,
афтӕ?
8 Ӕгӕр сӕ никуы бафхӕрдта,
Йӕхи-иу сыл куы атигъ кодта, уӕд
дӕр.
Скӕсӕйнаг дымгӕйау сӕ
иуварс фехста Йӕ карз раулӕфтӕй.
9 Мӕнӕ цӕй фӕрцы ӕрцӕудзӕни
барст
Йаковы байзӕддаджы азым,
йӕ тӕригъӕд хатыргонд куы ’рцӕуа,
уӕд уымӕн ахӕм дыргъ уыдзӕни
ӕвдисӕн:
сӕ нывондхӕссӕнты дуртӕ
чъырдуртау ныммур кӕндзысты,
нал сӕм баззайдзӕн нӕдӕр Ашерӕйы
цӕджындзтӕ,
нӕдӕр будсудзӕн нывондхӕссӕнтӕ.
10 Бырухгӕд сахар баззайдзӕни
дзӕгъӕлӕй,
адӕм ныууадздзысты сӕ хӕдзӕрттӕ,
сафтид уыдзысты ӕдзӕрӕг быдырау.
Ривӕд дзы кӕндзысты родтӕ,
зӕххыл хуысдзысты, къалиутӕ
’хсындзысты.

11 Къалиутӕ куы бахус уой,
уӕд сӕм ӕрбацӕудзысты
сылгоймӕгтӕ,
сугӕн сӕ ракӕндзысты ӕмӕ сӕ
басудздзысты.
Ацы муртаттаг адӕмтӕн
сӕ сӕры зонд нӕма бацыд,
ӕмӕ сын уый тыххӕй се Скӕнӕг
нӕ батӕригъӕд кӕндзӕни,
нӕ сын ныббардзӕни се Сфӕлдисӕг.

12 Израилӕгтӕ, ахӕм бон ӕрцӕудзӕн, ӕмӕ
Дунедарӕг ӕфсиртӕ иуыылдӕр банай кӕн-
дзӕн, Евфраты донӕй Мысыры арӕныл цы
цӕугӕдон ис, уый онг ӕмӕ уӕ иугай ӕрӕм-
бырд кӕндзӕн.
13 Уыцы бон стыр сыкъауадындз ныу-
уасдзӕн, ӕмӕ ӕрцӕудзысты, Ассирийы
чи фесӕфти ӕмӕ Мысырмӕ кӕй атардтой,
уыдон. Ссӕудзысты Йерусалиммӕ, уаз хох-
мӕ, ӕмӕ Дунедарӕджы раз сӕ зонгуытыл
ӕрхаудзысты.

**28** Додой йӕ къона
расыггӕнаг ефремонты рӕсугъд
бӕстӕн,
йӕ аив фӕлысты чи баруади,
уыцы дидинӕгӕн,
дзадджын уӕлвӕзӕн —
фыднозты рын сыстади йӕ
цӕрджытыл!
2 Мӕнӕ сын Дунедарӕг
сӕ ныхмӕ рарвитдзӕни тыхджын
ӕфсад
ӕмӕ сӕ уыдон бабын кӕндзысты
тыгъдызӕй, ихуард ӕмӕ сӕфты
тымыгъау,
доны хъаймӕтау;
3 расыггӕнаг ефремонты алӕмӕты
бӕстӕ
сӕ къӕхты бын банай кӕндзысты.
4 Йӕ аив фӕлысты баруайгӕ
дидинӕгӕн,
дзадджын уӕлвӕзӕн йӕ хъысмӕт
уыдзӕни,
афонӕй раздӕр цы легъуи сцӕттӕ
вӕййы,
уый йе ’ртонӕг куыд аныхъуыры,
уый хуызӕн.
5 Уыцы бон, Йӕ адӕмӕй ма удӕгасӕй
чи баззайа,
уыдонӕн Уӕларвӕфсады Бардарӕг
суыдзӕни сӕ аив дидинхуд,
сӕ алӕмӕты рӕсугъд фӕлыст.
6 Тӕрхоны лӕгтӕн Уый суыдзӕни
раст тӕрхоны Уд,
адӕмы раздзӕуджытӕн —
ныфс,
цӕмӕй сӕ фыдгулты сӕ сахарты
кулдуӕрттӕй
сӕ уӕлныхты айсой.
7 Сауджынтӕ ӕмӕ пехуымпартӕ
ныррасыг сты сӕнӕй
ӕмӕ цудтытӕ кӕнынц;
карз нозт бануазынц
ӕмӕ сӕ развӕндаг дӕр нал
фӕуынынц;
сӕ зонд фӕцыди карз ноэтӕй,
сӕ цӕстылуайӕнтӕ раст не сты,
уынаффӕ хӕсгӕйӕ, рӕдийынц.
8 Сӕ фынгтӕ ӕлгъаг омдзӕджы бын
фесты —
сыгъдӕг бынат нал баззад.
9 Афтӕмӕй та дзурынц мӕнӕй:
«Кӕй ахуыр кӕны уый?
Йӕ пехуымпар ныхӕстӕй нын
зонд амоныныл цы схӕцыд,
цыма дзидзидай сабиты,

хæрз æрæджы риуæй кæй
фæиртæстой,
уыдоны ахуыр кæны, уыйау?
10 Йæ иугæндзон дыгъал-дыгъул,
йæ æдзæлгъæд бæр-бæр
куы иу ранæй райхъуысы,
куы иннæ ранæй».
11 Уый тыххæй Дунедарæг ацы
адæмимæ
æндæр æвзæгтыл, æцæгæлæтты æв-
зæгтыл дзурдзæни.
12 Уый сын раздæр дзырдта:
«Ацы ран уæм æнхъæлмæ кæсы
æнцой,
уадз æмæ фæллад адæм баулæфой.
Ацы ран у æнцойы бынат».
Фæлæ Йæм уыдон нæ байхъуыстой.
13 Дунедарæджы ныхас сын сси
дзæгъæл дзæнгæда,
иугæндзон дыгъал-дыгъул,
æдзæлгъæд бæр-бæр.
Уымæ гæсгæ сæ фæндагыл цæудзысты
æмæ уæлгоммæ ахаудзысты;
уæнгсаст фæуыдзысты æмæ къæппæ-
джы бахаудзысты,
ахст æрцæудзысты.
14 Дунедарæджы ныхасмæ æрбайхъусут,
Йерусалимы цæрджыты æнæвввæрсон
барджынтæ!
15 Сымах уæхицæй дзурут,
мæлæтимæ æмдзæхдон систæм,
мæрдтыбæстимæ бафидыдтам,
зæгъгæ.
Афтæ æнхъæл стут,
æмæ бæллæх уæ иувæрсты ацæудзæн,
мæнгдзинад æмæ фæлывды дæлбазыр
кæй балæууыдыстут, уый фæрцы.
16Уымæ гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы:
«Æз Сионы хохыл сæрæвæрæнæн
фæлтæрд æмæ зынаргъ дур
сæвæрдзынæн,
æмæ, йæ уырныдзинад фидар кæ-
мæн у,
уый нæ фæтасдзæн.
17 Уым Мæ раст тæрхон æрæвæрдзынæн
барæн синагау,
Мæ рæстдзинад та — ауыгъд здыйау».
Уе ’мбæхсæн — мæнгдзинад,
фæлæ йæ ихуард ныххафдзæн,
доны бын фæуыдзæн.
18 Уæд, мæлæтимæ цы цæдис скодтат,
уый хæлд æрцæудзæн,
мæрдтыбæстимæ цы бадзырд
сарæзтат,
уый нæ фæлæудзæн.
Сау бæллæх уыл йæхи ныццæвдзæни
фурды уылæнтау
æмæ уæ бабын кæндзæн.
19 Куыддæр уыл уыцы бæллæх сæмбæла,
афтæ йæ амæттаг бауыдзыстут;
цæудзæни уæм æрвылрайсом,
æхсæв дæр æнцой нæ зондзыстут,
фыр тæссæй риздзыстут йæ койæ дæр.
20 Уæ хуыссæн æгæр цыбыр уыдзæн,
цæмæй уæ къæхтæ адаргъ кæнат,
уæ хъæццул та — æгæр нарæг,
цæмæй уæхи æрбануæрдат.
21 Дунедарæг уыл Йæ бæллæх
æруадздзæн,
кæддæр Перацимы хохыл
кæнæ Гивоны уæлвæзыл
Йæ адæмы знæгтæн куыд бакодта,
афтæ,
цæмæй æмбисонды хъуыддæгтæ
саразa.
22 Уæдæ дзæгъæлдзырд мауал кæнут,
науæд уæ рæхыстæ ноджы уæззаудæр
суыдзысты.
Дунедарæгæй, Уæларвæфсады Барда-
рæгæй, фехъуыстон,
æгас зæххæн йе сæфт
нысангонд кæй у, уый.
23 Лæмбынæг æрбайхъусут,
цы уын зæгъдзынæн, уымæ!
24 Зæхкусæг йæ хуым байтауинаг куы
вæййы,
уæд æй, мыййаг, æрвылбон ногæй ба-
хуым кæны,
æрвылбон ыл ауæдзтæ скæны
æмæ йæ похци бакæны?
25 Нæ! Йæ хуым похци куы бакæны,
уæд дзы иу хайы байтауы хъонтхора,
иннæ хайы байзæры тмин,
æртыккаг хайы рæнхъытæй ныссадзы
мæнæу,
цыппæрæмы — хъæбæрхор.
Уыдонæн сæ алыварс — хуымы
кæрæтты —
байтауы нæлмæнæу.
26 Уыцы зонд зæхкусæгæн
Хуыцауæй лæвæрд у,
Уый йын амоны хуым кæныны фæтк.
27 Хъонтхора дæндагджын тулæнæй нæ
най кæнынц,
тминыл нæ ауадзынц чъеурийы
цæлхытæ —
дзæккортæй сæ ныххойынц.
28 Хортæ та, куыннæ ныцъцъæл,
куыннæ ныммур уой,

афтæ сæ банай кæнынц,
чъеурийы цæлхытыл
бæхтæ баифтындзынц, афтæмæй.
29 Уыцы зонд зæххусæгæн
Уæларвæфсады Бардарæгæй лæвæрд
у.
Уымæн та Йæ фæндтæ,
Йæ уынаффæтæ æмбисонды диссаг
сты,
Йæ уæлзондæн æмбал нæй.

**29** «Додой дæ къона, Ариел,
Давид кæм цардис, уыцы сахар!
Рæстæг рацæудзæн, афæдзы фæдыл
афæдз,
бæрæгбæттæ кæрæдзийы ивдзысты.
2 Фæлæ Æз бауынгæг кæндзынæн
Ариелы;
уый хъæрздзæни æмæ дзыназдзæни,
нывондхæссæн Мын фестдзæни!
3 Алырдыгæй дыл æрхъула кæндзынæн,
дæ алыварс хæцæн мæсгуытæ
сараздзынæн,
сыджытбырутæ самайдзынæн дæ
ныхмæ.
4 Афæлдæхдзынæ зæххыл,
рыджы бынæй дæ хъæлæс рæстмæ
хъуысгæ дæр нал кæндзæн,
мæрдтæмсидæг дæлдзæхæй кæй
рахоны,
раст уыцы æндæрджы
дыгъал-дыгъулау уыдзæни.
5 Фæлæ дæ бирæ фыдгултæ
суыдзысты зæххы рыгау,
æгъатыр æрдонгтæ —
дымгæмæ цы зыгуым ныддардтой,
уыйау.
Уыцы хабар æрцæудзæнис æваст,
цæстыфæныкъуылдмæ.
6 Уæларвæфсады Бардарæг дыл
Йæ азар ныххуырсдзæни æрвнæрдау,
зæххæнкъуыстау, æвирхъау тыхджын
уынæрау,
уадтымыгъау, тыгъдызæйау,
алцы ныхъуырæг артау.
7 Æнæнымæц адæмты 'фсæдтæ
тох кæнынц Ариелы ныхмæ,
æрхъула йыл кодтой,
йæ фидæрттæм ын бырсынц —
фынау, æхсæвы фыдфынау
æрбайсæфдзысты уыдон.
8 Фæлæ æххормаг адæймаг йæ фыны
йæхи хæргæйæ куыд фæуыны,
куы райхъал вæййы, уæд та
сыдæй куыд фæмæлы,
дойныйæ чи бастайы, уый йæ фыны
дон куыд фæнуазы,
куы райхъал вæййы, уæд та
дойныйæ куыд фæцæймæлы,
уыйау уыдзæни сæ хъысмæт,
Сионы хохы ныхмæ чи схæца,
уыцы адæмтæн дæр».

9 Дистæ кæнут, фыр дисæй бандзыг ут,
уæхи бакуырм кæнут æмæ куырмæ-
джы бадут!
Ныррасыг стут, æрмæст сæнæй нæ;
цудтытæ кæнут, æрмæст карз нозтæй
нæ.
10 Дунедарæг уыл тарф фынæй бафтыдта,
уæ цæстытæ уын сæхгæдта,
пехуымпартæ,
уæ сæртæ уын батыхта,
зонынджынтæ.

11 Сымахæн цавæрфæнды рагуац дæр мы-
хуырæй æхгæд чиныджы хуызæн у. Ахæм
чиныг, кæсын чи зоны, уымæ куы раттынц,
бакæс-ма йæ, зæгъгæ, уæд уый фæзæгъы:
«Нæй йын кæсæн, мыхуырæй æхгæд у». 12 Кæ-
сын чи нæ зоны, ахæммæ йæ куы раттынц,
ды-ма йæ бакæс, зæгъгæ, уæд уый та фæзæ-
гъы: «Æз кæсын нæ зонын».

13 Дунедарæг загъта:
«Ацы адæм Мын кад кæнынц дзыхы
ныхасæй,
æрмæстдæр се 'взагæй,
сæ зæрдæ та дард у Мæнæй.
Кувынц Мæм, æрмæст æгъдау
афтæ кæй домы, уымæн.
14 Уæдæ сын Æз дæр бакæндзынæн
æнæфенгæ митæ, —
сæ куырыхонтæн фесæфдзæни сæ
уæлзонд,
се 'мбаргæтæн фæцыдæр уыдзæн сæ
зонд».

15 Додой сæ къона,
Дунедарæгæй арф чи æмбæхсы,
йæ сусæгвæндтæ ауuон кæнынил
чи архайы,
сæ хъуыддæгтæ талынджы чи кæны
æмæ афтæ чи дзуры:
«Чи нæ фендзæн?
Чи нæ базондзæн?»
16 Куыд æнæзонд стут!
Дурынгæнæгæн куыд ис æлыг
схонæн?
Кæнæ исты дзаума

йе скæнæгæй куыд хъуамæ зæгъа,
уый мæ не скодта, зæгъгæ?
Дурын дурынгæнæгæй куыд хъуамæ
зæгъа,
уый мурдæр ницы 'мбары, зæгъгæ?
17 Хæрз чысыл рæстæг ма,
æмæ Ливаны хъæд фестдзæни
дыргъдон,
дыргъдон та фестдзæни хъæд.
18 Уыцы бон къуырматæ фехъусдзысты
тухгæ чиныджы ныхæстæ,
куырмыты цæстытыл нал баддзæн
фæлм,
æмæ суындзысты.
19 Сæрныллæджытæн Дунедарæг
ног циндзинад æрхæсдзæн,
мæгуыртæн сæ зæрдæ барайдзæн
Израилы Стыр Хуыцауы фæрцы.
20 Уæд сæ кой дæр нал уыдзæн
æфхæрджытæн,
се сæфт æрцæудзæни
фидисгæнджытæн,
бабын уыдзысты, фыдбылызтæ
аразынмæ
чи бæллы, уыдон,
21 стæй, йæ ныхæстæй раст лæджы
чи базылын кæны,
тæрхоны мидæг тæрхонгæнæджы
раст дзурын чи нæ фæуадзы
æмæ æназымы мæнг æвдисæйнæгты
руаджы
азымджыны бынаты чи сæвæры,
уыдон.
22 Уымæ гæсгæ Дунедарæг, Авраамы
Ирвæзынгæнæг,
Йаковы хæдзарвæндаджы тыххæй
зæгъы:
«Уæд Израил къæмдзæстыг нал
уыдзæн,
йæ цæсгомы хуыз нал фæлидздзæн.
23 Сæ цоты се 'хсæн куы феной —
Æз кæй саразтон, уыцы хъуыддаг —
уæд Мæ уаз номæн скад кæндзысты,
нымайдзысты Йаковы уаз Хуыцауы,
аргъуыц кæндзысты Израилы Хуыца-
уы раз.
24 Уæд, галиу фæндæгтыл чи
адзæгъæл,
уыдонмæ æмбаргæ зонд æрцæудзæн,
æнæсæттонтæ коммæ кæсын
базондзысты».

**30** «Хивæнд цот, додой сæ къона! —
зæгъы Дунедарæг. —
Фæндтæ, уынаффæтæ кæнынц Ме
'вастæй,
цæдисонтæ скæнынц сæхицæн,
фæлæ Мæ Уды амындæй нæ.
Афтæмæй тæригъæд тæригъæдыл
æфтауынц.
2 Мæ пехуымпары æвастæй ацæуынц
Мысырмæ,
фараон нæ сæрыл рахæцдзæн,
йæ базыры бын нæ бакæндзæн,
зæгъгæ.
3 Фæлæ фæхудинаг уыдзысты ахæм
сæрылхæцæгимæ,
сæгад уыдзысты Мысыры базыры
бын.
4 Сæ паддзахы барджынтæ
ныридæгæн Цоаны сахармæ бахæццæ
сты,
сæ минæвæрттæ та — Ханесмæ.
5 Фæлæ фæхудинаг уыдзысты се 'ппæт
дæр,
уымæн æмæ уыцы бæстæйы
адæмæй
нæдæр æххуыс фендзысты,
нæдæр — пайда;
æрмæст фæхудинаг æмæ фæфидиссаг
уыдзысты».

6 Рагуац Негевы цæрæгойты тыххæй:
«Уæззау æргъæмтты бын тæссаг
фæндагыл
хуссармæ фæцæуынц хайуантæ.
Сæ размæ æвиппайды фæвæййынц
домбæйттæ, маргджын кæлмытæ
æмæ фат-кæлмытæ.
Адæм хæрджытæ æмæ теуатыл
ласынц хъæздыг лæвæрттæ,
хæзнатæ —
пайда кæмæй нæ фендзысты,
уыцы адæмæн лæварæн.
7 Мысырмæ бынтон дзæгъæлы у сæ
каст,
ницы дзы рауайдзæн æппындæр.
Уымæ гæсгæ Æз Мысыры схуыдтон
æнæзмæлгæ Рахав.

8 Уæдæ цу, фæйнæджы гæбаз райс
æмæ йыл, цыдæриддæр дын загътон,
уыдæттæ ныффыс.
Уадз æмæ уыцы фыст баззайа
мыггагмæ.
9 Ацы адæм хиваст сты,
фæлывд цот Мын сты,

**30:7** Куыд Псаломты чиныджы (88:1), стæй Иовы чиныджы (26:12), афтæ ам дæр Рахав у, Дунедарæг кæуыл фæуæлахиз, уыцы кæфхъуындар. Ацы ран Рахав — Мысыры аллегорион фæлгонц.

Дунедарæджы Æгъдаумæ хъусын сæ
нæ фæнды.
10 Уыдон зонынджынтæн фæзæгъынц,
мауал, дам, дзурут рагуацтæ,
пехуымпартæн та — мауал, дам, нын
хъусын кæнут
рагацау рæстдзинад,
кæнут нын козбау ныхæстæ,
дзурут нын зæрдæхцон
цæстылуайæнтæ.
11 Рæстдзинады фæндагæй, дам,
иуварс ахизут æмæ нын
Израилы Уаз Хуыцауæн
Йæ кой дæр мауал кæнут.
12 Уымæ гæсгæ Израилы Уаз Хуыцау
афтæ зæгъы:
„Сымах уæхи кæй атигъ кодтат ацы
ныхасыл,
тыхми æмæ мæнгдзинадыл уæ зæрдæ
кæй дарут,
13 уымæ гæсгæ, бæрзонд быру куы
аскъуыйы
æмæ йын æвиппайды
рафæлдæхынæй
тас куыд вæййы,
уыйау уыдзæни сымах хъуыддаг дæр
уæ азымы тыххæй.
14 Уæ хъысмæт уыдзæн,
æлыгæй конд дурын
æнауæрдонæй куыд ныппырх кæ-
нынц, уый хуызæн —
дурын базгъæлæнтæ вæййы,
æмæ дзы иу сæстаг дæр ахæм нал
баззайы,
къонайы артæй зынг цæмæй райсай,
донуатæй дон цæмæй сисай“».

15 Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау,
Израилы Уаз Хуыцау:
«Фæстæмæ куы раздæхиккат
æмæ куы æрæнцаиккат,
уæд фервæзиккат.
Уæ зæрдæ Мыл куы дариккат,
куы Мыл æууæндиккат,
уæд уаиккат хъомысджын».
Фæлæ сымах уый нæ фæнды
16 æмæ дзурут, зæгъгæ,
бæхтыл алидздзыстæм.
Уæдæ алидздзыстут æцæгдæр!
Дзурут, зæгъгæ, фæтары уыдзыстæм
дугъон бæхтыл.
Гъемæ уæ фæсте чи асура,
уыдон уæ баййафдзысты.
17 Иу лæджы тасæй уæ
лидзæг фæуыдзысты мин лæджы,
фондз лæджы тасæй та афтæ
лидздзыстут,
æмæ ма уæ чи баззайа,
уый уыдзæни хохы цъуппыл сагъд
наухъилау
кæнæ къуылдымы сæрыл сагъд
тырысайау.

18 Фæлæ Дунедарæг нæ тагъд кæны
уæ бафхæрыныл, уромы Йæхи;
фæнды Йæ сымахæн ныббарын,
фæтæригъæд уын кæнын.
Уымæн æмæ Дунедарæг
раст тæрхоны Хуыцау у.
Тæхудиаг сты,
йæ зæрдæ Йыл чи дары, уыдон!

19 Сионы хохыл цæрджытæ, Йерусалимы
адæм,
бирæ нæ калдзыстут уæ цæссыг.
Хуыцау уын ныббардзæни,
куы Йæм сдзыназат, уæд.
Куыддæр уын фехъуса уæ дзыназын,
афтæ уын дзуапп ратдзæни.
20 Дунедарæг уæ бафсаддзæни
хъыджы дзулæй, хъизæмары донæй.
Фæлæ уæ Зондамонæг
Йæхи нал æмбæхсдзæн сымахæй,
уæ Зондамонæджы уæхи цæстæй
фендзыстут.
21 Уæ фæндагыл галиуæрдæм
кæнæ рахизæрдæм куы здæхат,
уæд уæ фæсчъылдымæй
фехъусдзыстут:
«Мæнæ ацы фæндагыл ацæут!»
22 Уæд уын фенад уыдзысты
уе ’взистахуырст гуымирытæ,
стæй зæриндонытылд гуымирытæ.
Æлгъыст фæут, зæгъгæ, зæгъдзыстут
æмæ сæ фехсдзыстут быръттау.
23 Хуыцау уын уæ хоры хуымтæн рат-
дзæни къæвда,
стæй уæ бафсаддзæни дзаджджын
тыллæгæй,
ныккæнæн дæр нæ уыдзæни уæ
хортæн.
24 Уæ галтæ æмæ уæ хæрджытæ —
уæ хуымтæ уын чи бакусы, уыдон —
хæрдзысты, бел æмæ сагойæ
дымгæмæ кæй ныддардтой,
ахæм холлаг, хуырхæгимæ хæццæйæ.
25 Фыдгултæ цагъды куы фæуой,
сæ фидæрттæ куы ныппырх уой,
уыцы бон хæхтæ æмæ уæлвæзтæй
азгъордзысты суадæттæ, къададæттæ.

26 Мæй сæрттивдзæни хурау,
хур та, цы у, уымæй авд хатты
рухсдæрæй,
авд боны дæргъы цы рухс ратты,
уый йын цыма иу бонмæ
æрæмбырд уыдзæн, уыйау.
Уыцы бон Дунедарæг
бабæтдзæни Йæ адæмы цæфтæ,
байгас сын кæндзæни сæ
хъæдгæмттæ.

27 Дардæй æрбаввахс кæны
Дунедарæджы ном!
Йæ маст судзы пиллон артау,
ничи йын бафæраздзæн.
Йæ ком — йемыдзаг мастæй,
Йе 'взаг — алцы ныхъуырæг артау.
28 Йæ раулæфт — абухгæ фурдау,
куы раивылы æмæ дзы лæг
йæ къубалы онг куы аныгъуылы,
уыйау.
Уый адæмты сæфты сасирæй
балуардзæн;
адæмтыл бакæндзæни дзылар
æмæ сæ уый рæдыд фæндагмæ
сараздзæн.
29 Сымахæн та азæлдзысты уæ
зарджытæ,
уæ уаз бæрæгæхсæв куыд уыдис,
афтæ.
Цинæй райдзæни уæ зæрдæ,
Хуыцауы хохмæ, Израилы фидармæ,
уадындзæй цæгъдгæ чи ссæуы,
уыйау.
30 Уæд ныййазæлдзæни
Дунедарæджы нæргæ хъæлæс;
Йæ хъомыс равдисдзæни Йæ фыр
мæстæй
пиллонкалгæ арт, тыгъдызæй æмæ
ихуарды хуызы.
31 Ассири æмризæджы нырриздзæн
Дунедарæджы хъæрæй,
Йæ лæдзæджы цæфæй.
32 Йæ лæдзæджы алы цæфимæ дæр
айзæлдзæни далатæ æмæ хъисфæн-
дырты цагъд.
Дунедарæг Ассирийы ныхмæ
схæцдзæни Йæхæдæг
æмæ сæ ныддæрæн кæндзæни.

33 Рагæй цæттæ у,
паддзах кæм басудздзæн, уыцы
бынат;
арф æмæ уæрæх у уый,
бирæ цæхæр, бирæ суг ис йæ мидæг.
Дунедарæджы раулæфтæй ныггуыпп
кæндзæни,
цыма йыл сондон æркалдæуыд,
уыйау.

**31** Додой сæ къона, Мысырмæ æххуыса-
гур чи цæуы,
се 'нæнымæц тохуæрдæттыл,
сæ тыхджын бæхæфсадыл йæ зæрдæ
чи дары,
Израилы Уаз Хуыцаумæ та йе 'ргом чи
не здахы,
Дунедарæджы уынаффæ чи нæ агуры,
уыдонæн!
2 Афтæмæй куырыхон у Уый:
фыдбылыз æруадздзæн æмæ Йæ
фæнд нæ аивдзæн.
Уый сыстдзæни æнæхуыцæутты,
фыдгæнджытæн æххуыс чи куры, уы-
доны ныхмæ.
3 Мысырæгтæн нæй Хуыцауимæ
абарæн,
уыдон адæмæй уæлдай ницы сты,
сæ бæхтæ дæр Уд нæ, буар сты.
Дунедарæг сæм Йæ къух сисдзæн,
æмæ фæкæлдзæни сæрылхæцæг,
кæй сæрыл хæца, уый дæр
афæлдæхдзæн,
æмæ бабын уыдзысты иумæ.

4 Дунедарæг мын загъта:
«Домбай йæ амæттаджы сæрмæ куыд
фæрыхы,
суанг йæ ныхмæ бирæ фыййæуттæ
куы 'рæмбырд вæййынц, уæд дæр
сæ хъæрæй æмæ сæ уынæрæй куыннæ
фæтæрсы,
афтæ Уæларвæфсады Бардарæг дæр
тох кæндзæни Сионы сæраппонд,
ацы хохы сæрвæлтау.
5 Маргъ йæ ахстоны сæрмæ
ратæх-батæх куыд байдайы,
йæ лæппынты бæллæхæй бахизыны
охыл,
афтæ Уæларвæфсады Бардарæг дæр
бахиздзæни Йерусалим,
бахъахъхъæндзæн æй, ныббардзæн
ын
æмæ йæ фервæзын кæндзæн».
6Израилы байзæддæгтæ, уе 'ргом разда-
хут, афтæ тынг Кæмæй адард стут, Уымæ!
7Сымах уæхицæн æвзист æмæ сыгъзæрин
гуымирытæ скодтат æмæ фæтæригъæдджын
стут. Фæлæ æрцæудзæн ахæм бон, æмæ сæ
уе 'ппæт дæр аппардзыстут.

8 «Ассириæгтæн се сæфт æрцæудзæни
кардæй,
фæлæ адæймаджы кардæй нæ;
карды амæттаг фæуыдзысты,
фæлæ уый адæмы кард нæ уыдзæн.
Лидзæг фæуыдзысты кардæй,
сæ сахъ хæстонтæ суыдзысты
цагъартæ.
9 Фыр тæссæй сæ паддзах дæр лидзæг
фæуыдзæн,
йæ дæлдæртæ — æфсады хицæуттæ —
æмризæджы нырриздзысты
иудейаг тырысайы уындæй!» —
зæгъы Дунедарæг,
Сионы хохыл Йæ арт Кæмæн судзы,
Йæ къона Йерусалимы Кæмæн ис,
Уый.

**32** Рæхджы уын уыдзæни рæстаг
Паддзах,
æмæ уæд паддзæхтæ
рæстдзинадмæ гæсгæ хицауиуæг
кæндзысты.
2 Алчидæр сæ йæ адæмæн уыдзæни,
сис дымгæйæ куыд бахизы,
уæлхæдзар — тыгъдызæйæ,
суадæттæ хус быдыры куыд
бахъæуынц,
бæрзонд къæдзæхы ауuon æдзæрæг
ран
фæллад лæгæн куыд баххуыс кæны,
уыйау.
3 Уæд адæмæн сæ цæстытæ
райдайдзысты уынын,
хъустæ — хъусын.
4 Рæуэондты сæры бацæудзæни зонд,
гуылæвзæгтæ райдайдзысты раст
дзурын.
5 Æдылыдзæфæй, кадджын у, зæгъгæ,
нал дзурдзысты
фæлитойы нал хондзысты
æууæнкджын.
6 Уымæн æмæ æнæхуыцау
æнæхуыцау ныхæстæ кæны,
фыдвæндтæ кæны йæхимидæг,
æнæхуыцау сты йæ митæ,
Дунедарæджы тыххæй тæригъæд
дзуры,
æххормагæн комдзаг хæлæг кæны,
дойныйæ мæлæгæн — дон.
7 Фæлитой адæймаг фыдбылыз
аразæг у,
тæрхоны раз йæ налат æвзаг суадзы
æмæ мæгуыр лæджы бабын кæны
рæстæй.
8 Æууæнкджын лæгæн та
йæ фæндтæ дæр æфсармджын сты.
Алы хъуыддаджы дæр сыгъдæг у йæ
цæсгом.
9 Æнæсагъæс сылгоймæгтæ
æмæ æнæмæт чызджытæ,
æрбайхъусут-ма, цы уын зæгъон,
уымæ!
10 Иу афæдз æмæ къорд боны фæстæ
фыр тæссæй нырриздзыстут,
æнæмæттæ!
Уымæн æмæ нæдæр
сæнæфсиртонæнтæ ралæудзысты,
нæдæр — тыллæгæфснайæнтæ.
11 Æмризæджы ризут, æнæмæттæ!
Тæрсут, æнæмæттæ!
Уæ дарæстæ раласут
æмæ уæ уæлæ сæхъистæ скæнут.
12 Фыр адæргæй хойут уæ риутæ!
Кæут рæсугъд хуымтæ
æмæ сæнæфсиры зад талайыл!
13 Кæут Мæ адæмы хуымтыл:
какoнтæ æмæ сындзыты бын
фæуыдзысты.
Кæут, уымæн æмæ хæдзæртты
бамыр уыдзæни цин,
сахары мидæг хъæлдзæгæн
йæ кой, йæ хъæр дæр нал уыдзæн.
14 Уымæн æмæ галуан дæр сафтид,
сахар дæр федзæрæг уыдзæн.
Ныккæлдзысты Офел æмæ хъахъхъæ-
нæн мæсыг,
æмæ дзы мыггагмæ æрбынат
кæндзысты
хъæддаг хæрджытæ,
ривæд дзы кæндзысты фосы дзугтæ,
15 цалынмæ ныл Дунедарæг бæрзондæй
Йæ Уды арфæ не 'руадза, уæдмæ.
Æмæ уæд æдзæрæг быдыр фестдзæни
дыргъдон,
дыргъдон та хъæды хуызæн суыдзæн.
16 Уæд Хуыцауы раст тæрхон
æрфидар уыдзæн алы ран дæр,
æдзæрæг быдыры уа æви дыргъдоны.
17 Уæд раст тæрхоны фæрцы
мыггагмæ æрбынæттон уыдзысты фарн,
æнцой æмæ æдасдзинад.
18 Мæ адæм цæрдзысты фæрнджын ран,
æдас, æнæмастæй.
19 Их-иу куы ныууара —
æрмæстдæр хъæды бæлæстыл.
Сахары цæрджытæ-иу

**32:14** Йерусалимы хай, Мæскуыйы Кремлæн цы ахадындзинад ис, уымæн дæр — ахæм.

дæлвæзмæ æрхиздзысты æдасæй,
æнæкъуылымпыйæ.
20 Тæхудиаг уыдзыстут:
байтаудзыстут донæфсæст хуымтæ
иууылдæр,
алы ран хиздзыстут уæ галтæ
æмæ уæ хæрджыты.

**33** Додой дæ къона, гæныстонгæнæг,
ныронг гæныстойнаг чи нæма фæци!
Додой дæ къона, фæлитой стигъæг,
ныронг стигъджыты амæттаг чи нæма
баци!
Дæрæн кæнын æмæ стигъын
куынæуал фæразай,
уæд дын дæхи дæр ныддæрæн
кæндзысты,
дæхи дæр дын бастигъдзысты.

2 Дунедарæг, тæригъæд бакæн,
мах нæ зæрдæ Дæуыл дарæм,
æрвылрайсом нæ цонджы хъару
басгуых,
фыд заман нæ фервæзын кæн!
3 Дæ хъæлæсы ныннæрдæй
адæмтæ лидзæг фесты,
Дæ бынатæй сыстадтæ —
фæйнæрдæм ныххæлиу сты.
4 Мæтыхтау уын уыдон
уæ фæллоймæ быρстой,
мæтыхты æвзæнау ыл сæхи цавтой.

5 Цытджын у Хуыцау, уæлæрвты цæрæг!
Сионы хохыл æрфидар кæндзæн
Йæ раст тæрхон.
6 Уый уыдзæни уæ царды фидар
бындур,
фæрныгæй уын ратдзæн
ирвæзындзинад,
уæлзонд æмæ зонынад,
Хуыцауы тас уе стырдæр хæзна
суыдзæн.

7 Йерусалимы цæрджытæ
хъæр кæнынц уынгты,
фидыды минæвæрттæ
сæхи кæуынæй марынц.
8 Фæндæгтæ сафтид сты,
цæуæг сыл нæй.
Фыдгулты паддзах йæ ныхас
фæсайдта,
гадзрахатæй ныл рацыд,
фидыды æвдисæнтæ ницæмæ
æрдардта.
Нæ адæм æм нымады дæр не сты.

9 Зæхх ныххус ис, хъæрзы.
Ливан уæнтæхъилæй баруад,
Шарон æдзæрæг фестад,
Башан æмæ Кармелы бæлæстæн
сæ сыфтæр азгъæлд.

10 Дунедарæг зæгъы:
«Ныр Æз растдзынæн, слæудзынæн
æмæ Ме ’ппæт хъомыс раргом
кæндзынæн.
11 Хосæнхъæлæй хъæмп
ныййардзыстут.
Уæхи комулæфт уын артау уæхи
басудздзæн.
12 Адæмтыл удæст чъыры бон
акæндзæн,
бынсыгъд бауыдзысты
хæмпæлгæрдæгау.
13 Дард Мæм стут æви хæстæг —
иууылдæр æрбайхъусут
æмæ Мын Мæ хъомыс базонут!»

14 Сионы тæригъæдджынтæ
фæтарстысты,
æмризæджы барызтысты æмæ
загътой:
«Æнауæрдон артæн чи бафæраздзæн?
Æнæхуысгæ пиллоны мидæг цæрын
кæй бон бауыдзæн?»
15 Æрмæстдæр уый бон,
йæ хъуыддæгтæ раст кæмæн сты,
æдзух йе ’взаг рæстдзинад кæмæн
дзуры,
мулк скæныны охыл искæй чи не
’фхæры,
гæртæмттæ чи нæ исы, туг
ныккалыны
уынаффæтæ чи нæ хæссы,
хæрам митæ æнæуынон кæмæн сты.
16 Ахæм уаг кæмæдæриддæр уа,
уыдонæн сæ цæрæнуæттæ уыдзысты
бæрзонд,
æдас ран — хæхты фидæртты.
Къæбæр æмæ сæ доны мæт никуы
уыдзæн.

17 Уæхи цæстæй фендзыстут
уæ цытджын Паддзахы,
фендзыстут парахат бæстæ.
18 Æрмæстдæр ма
уæ мысинæгты баззайдзысты
ацы ныхæстæ: «Мæнæ не
’фхæрджытæ»,
«Мæнæ хъæлонисджытæ»,
«Мæнæ, нæ фидæрттыл нын

йæ цæст чи æрæвæрдта, уыдон».
19 Никуыуал фендзыстут
уыцы къæйных адæмы,
нал сын фехъусдзыстут се 'нахуыр,
сæ зынæмбарæн æвзаг.

20 Уæ цæст ахæссут Сионыл,
нæ бæрæгбæтты сахарыл,
æмæ фендзыстут Йерусалим,
йæ фæрнджын бынат,
йе 'нæфенкъуысгæ Уаз цатыр.
Уымæн йæ цæджындзтæ
никуы æрцæудзысты къахт,
никуы атондзæн йæ бæндæнтæй иу
дæр.

21 Уыцы сахар фыдгулæй бахизынæн
нал бахъæудзæн йæ алыварс
цæугæдæттæ æмæ уæрæх къанæуттæ
кæнын,
Дунедарæг æй хъахъхъæндзæн
Йæхæдæг.
Фыдгулты бæлæгътæ æмæ наутæй
сахармæ иу дæр æввахс не
'рбацæудзæн.

22 Уымæн æмæ Дунедарæг
нæ Тæрхонгæнæг у,
нæ Уагæвæрæг, нæ Паддзах!
Фыдгулæй нæ бахиздзæн.

23 Нæ бæстæ у денджызы науау,
йæ бæндæнтæ — лæмæгъ,
сæ бон нал у наухъилтæ бауромын,
наупæлæзтæ ныттынг кæнын.
Фæлæ æрцæудзæн ахæм заман,
æмæ, фыдгултæй цы бирæ фæллой
баззайа,
уый дихгонд æрцæудзæн нæ адæмыл,
суанг ма къуылыхтæ дæр
райсдзысты се 'фтиаджы хай.
24 Бæстæйы цæрджытæй
ничиуал рахъаст кæндзæн,
æдзухъом, рынчын дæн, зæгъгæ.
Се 'ппæтæн дæр барст æрцæудзæни
сæ азым.

**34** Æвваxс æрбалæууут,
алы адæмтæ, алы знæмтæ!
Лæмбынæг æрбайхъусут!
Æрбайхъусæд æгас дуне,
æппæт зæхх йæ цæрджытимæ!
2 Дунедарæджы маст ссыгъд æппæт
адæмтæм,
æппæт дзыллæтæм.
Йæ азары амæттаг сæ бакодта,
мæлæты тæрхон сын рахаста.
3 Сæ мæрдтæ баззайдзысты уæлæуыл
æмæ сысмаг уыдзысты,
хæхтæ ныуудæсдзысты сæ туджы.
4 Стъалытæ бастъæлдзысты,
уæлæрвтæ батымбыл уыдзысты
тухгæ чиныгау,
сæ мидæг цыдæриддæр ис,
уыдон иууылдæр æрызгъæлдзысты,
сæнæфсир æмæ легъуийы хус
сыфтæрау.
5 Уæлæрвты кардæлвæстæй
лæууы Дунедарæг,
тæрхон кæнынмæ æрхиздзæн
Едоммæ,
Йæ азары амæттаг бакæнинаг кæй у,
уыцы адæммæ.
6 Туг æмæ сой лæдæрсдзысты
Дунедарæджы кардæй,
фыстæ æмæ сæгътæ 'ргæвдгæйæ
куыд вæййы, афтæ.
Уымæн æмæ Дунедарæг
кусарт кæндзæни Боцрайы сахары,
бирæ æргæвстытæ уыдзæн Едомы
зæххыл.
7 Семæ афæлдæхдзысты хъæддаг галтæ
дæр,
родтæ æмæ хъомылтæ.
Зæхх ныддымсдзæни сæ тугæй,
ныттыппыр уыдзæни сæ фиуæй.
8 Уый уыдзæни Дунедарæджы масти-
сæн бон,
Сионы фыдгултæн се сæфты заман.
9 Едомæн йæ дæттæ фестдзысты писи,
йæ мæр — сондон.
Афтæмæй йæ зæхх иууылдæр
фестдзæни судзгæ писи,
10 судздзæн æппынæдзух,
бон дæр æмæ æхсæв дæр.
Йæ фæздæг калдзæн æнусты,
мыггагæй-мыггагмæ уыдзæни
æдзæрæг,
лæджы къах ыл никуыуал ауайдзæн.
11 Фестдзæни зымтæ æмæ уызынты
бæстæ,
сидахъхъытæ æмæ сынтыты цæрæн.
Дунедарæг æй абардзæни
бæндæнæй
æмæ йын йæ арæнтыл алырдыгæй
æрæвæрдзæн арæндуртæ,
цæмæй мыггагмæ уа гæныстон æмæ
æдзæрæг.
12 Иу дæр нал баззайдзæн Едомы
уæздæттæй,

йе ’лдæрттæ бабын уыдзысты
иууылдæр.
13 Каконтæ, сындзкъутæр
æмæ ичъийы бын фæуыдзысты
сæ галуантæ, сæ фидæрттæ.
Фестдзысты мæрдтыбирæгъты
цæрæнтæ,
страусты бадæнтæ.
14 Уым кæрæдзиуыл æмбæлдзысты
хъæддаг гæдытæ æмæ гиенæтæ,
хъæддаг сæгътæ уым кæрæдзимæ
сиддзысты.
Æхсæвдзу æндæргтæ дзы
уадздзысты сæ фæллад.
15 Ахстон дзы скæндзæни калм,
æйчытæ дзы æрæфтаудзæн
æмæ-иу сыл æрбаддзæн.
Цъиусуртæ дзы æмбырд кæндзысты.
16 Дунедарæджы чиныгмæ æркæсут
æмæ базонат: уыдон иууылдæр
къайгай уыдзысты уым.
Уымæн æмæ сын уый
Дунедарæгæн Йæхи фæдзæхст у,
æрæмбырд сæ кæндзæн Йæ Уды
фæрцы.
17 Алкæй тыххæй дæр дзы хал
сæппардзæн
æмæ бæндæнæй абардзæн Едомы
зæххæй.
Æмæ уыцы хæйттæ æнусты уыдзысты
сæ бар,
цæрдзысты дзы мыггагæй-мыггагмæ.

**35** Райæд фыр цинæй æдзæрæг быдыр
æмæ хус зæхх,
æрнæг тыгъдад цинхъæр кæнæд æмæ
дидинфæз фестæд!
2 Дидинæг ракалæд, цины хъæр
самайæд,
ма уæд йæ абухгæ цинæн кæрон!
Лæвæрд ын æрцæуæд Ливаны нæргæ
кад,
фестæд Кармелау, Шаронау рæсугъд!

Уадз æмæ адæм сæхи цæстæй феной
не Скæнæг Хуыцауы кад æмæ цыт!

3 Хъæру та бауадзут уæ лæмæгъ æмæ
æдых цæнгты,
æндон фестæнт уæ ризгæ уæрджытæ!
4 Ныфссаст чи у, дзурут сын: фидар
лæуут,
мацæмæй тæрсут, уæ Хуыцау
æрцæуы,
фыдгултæй райсдзæн уæ маст,
æрцæуы — сæрибар уын ратдзæн.

5 Уæд куырмытæн
байгом уыдзысты сæ цæстытæ,
байгом уыдзысты къуырматæн сæ
хъустæ;
6 асæррæтт кæндзæни сагау къуылых,
гоби чи уыди, уый цины хъæр
сисдзæн.

Фестдзæни суадæтты гуырæн сыгъд
быдыр,
тыгъд быдыр — цæугæдæтты бæстæ.
7 Тæвд змис кæм уыди, уым фестдзæни
цад,
хуыскъ зæххы та суадæттæ кæлдзæн.
Мæрдтыбирæгътæн сæ цæрæн кæм
уыд —
цъæх-цъæхид фæз фестдзæн,
уым зайдзæн цъæнут æмæ хъæз.
8 Уыдзæни уæрæх фæндаг уым,
Уазвæндаг — йæ ном.
Æнæсыгъдæг ыл йæ къах не
’рæвæрдзæн,
уый æрмæстдæр Йæ агурæгæн
уыдзæн,
æмæ æдылы дæр нæ фæдзæгъæл
уыдзæн,
фыццаг хатт куы цæуа, уæд дæр.
9 Никуы фендæуыдзæн уыцы
фæндагыл
домбай кæнæ ’ндæр тугдзых сырд.
Дунедарæг кæй фервæзын кодта,
уыцы адæм ыл цæудзысты
æрмæстдæр.

10 Дунедарæг сæрибар кæмæн радта,
уыдон
здæхдзысты уыцы фæндагыл
Сионмæ.
Азæлдзæн дардыл сæ цинхъæр,
мыггагмæ сæ цæстытæй ивылдзæн
цин.
Алцæмæй уыдон уыдзысты райгонд,
ферох кæндзысты сæ хъыг æмæ маст.

**36** Езекиайы паддзахдзинады цыппæрдæ-
сæм аз Ассирийы паддзах Санхериб Иудейы
фидар сахарты ныхмæ хæцынмæ ралæууыд
æмæ сæ бацахста. 2 Ассирийы паддзах Ла-
хишæй Йерусалиммæ паддзах Езекиамæ
бирæ æфсадимæ арвыста йæ хистæр дзаг-
дары. Уый æрлæууыди, Чъырæйцæгъдæ-
джы быдырмæ фæндагыл Уæллаг цадæй цы

дондзæуæн цæуы, уый дзыхмæ. 3Уырдæм æм
рацыдысты Хилкиайы фырт Елиаким — пад-
дзахы галуаны бæрнон, Шевна — нымæрдар,
Асафы фырт Йоах — азфыссæг.
4Ассирийы паддзахы хистæр дзагдар сын
афтæ: «Езекиайæн зæгъут, Ассирийы цыт-
джын паддзах дæ фæрсы, ахæм ныфс дæм
кæцæй ис, зæгъгæ. 5Афтæ дæм кæсы, æмæ
мæ тохвæлтæрд æмæ хъомысджын æфсады
ныхмæ дæ афтид ныхæсты фæрцы исты са-
рæхсдзынæ? Кæмæй дæ ис ахæм ныфс, æмæ
мæ ныхмæ ралæууай? 6Дæ зæрдæ Мысырыл,
йæ къухæй йыл чи æрæнцой кæна, уымæн
йæ къухы чи снысхдзæн, уыцы хъæзы цъæл
зæнгыл дарыс. Уыйау у фараон, Мысыры
паддзах, ныфсджын дзы чидæриддæр у,
уыдонæн. 7Намæ мын афтæ куы зæгъай,
нæ Дунедарæг Хуыцауæй ныфсджын стæм,
уæд Уый дæр Чи у? Ды, Езекиа, Кæй кувæн
къуыбыртæ æмæ нывондхæссæнтæ аивтай,
Уый? Иудей æмæ Йерусалимы адæмæн цæй
тыххæй бафæдзæхстай, æрмæстдæр Йеру-
салимы цы нывондхæссæн ис, ууыл хæс-
сут нывæндтæ, зæгъгæ? 8Гъемæ уæдæ ме
’лдаримæ, Ассирийы паддзахимæ, бафидау,
æмæ дын уый ратдзæни дыууæ мин бæхы,
кæд сын барджытæ ссарай, уæд. 9Уый зон,
æмæ ме ’лдары æфсады хицæуттæн сæ лæ-
мæгъдæрыл дæр нæ фæуæлахиз уыдзынæ,
Мысыры бæхæфсад куы ’рбакæнай, уæд дæр.
10Афтæ æнхъæл дæ, æмæ Дунедарæджы
’вастæй æрбабырстон уæ зæхмæ, йæ ныд-
дæрæн кæнынмæ? Дунедарæг мын загъта,
цæугæ уыцы зæхмæ æмæ йæ ныддæрæн
кæн, зæгъгæ».
11Елиаким, Шевна æмæ Йоах бахатыдыс-
ты Ассирийы паддзахы дзагдармæ: «Немæ,
дæ цагъартимæ, арамейаг æвзагыл дзур,
уымæн æмæ йæ мах æмбарæм. Иудейагау
нæм ма дзур, цæмæй нæм сахары сисæй
адæм ма хъусой».
12Паддзахы дзагдар загъта: «Афтæ ’нхъæл
дæ, æмæ мæ ме ’лдар æрмæст де ’лдармæ
æмæ дæумæ рарвыста? Уалæ сисыл чи бады,
уыцы адæммæ дæр мæ рарвыста, уымæн
æмæ рæхджы иумæ хæрдзыстут уæ фаджыс
æмæ нуаздзыстут уæ доныхуыпп».
13Стæй паддзахы дзагдар дзуттагау хъæ-
рæй загъта: «Æрбайхъусут Ассирийы цыт-
джын паддзахы ныхасмæ! 14Афтæ зæгъы
паддзах. Езекиа уæ ма фæрæдийын кæнæд!
Уымæ сымах фервæзын кæныны хъару нæй.
15Дунедарæгæй дæр уын зæрдæ ма ’вæрæд,
ма дзурæд, фервæзын нæ кæндзæн æмæ
ацы сахар Ассирийы паддзахы къухтæм
лæвæрд не ’рцæудзæн, зæгъгæ. 16Ма хъусут
Езекиамæ, уымæн æмæ Ассирийы паддзах
зæгъы, мемæ бафидаут æмæ уæхи раттут
мæ къухмæ, æмæ уæ алчидæр хæра йæ
сæнæфсир æмæ йæ легъуитæй, нуаза йæ
цъайы донæй, 17цалынмæ уæм не ’рбацæ-
уон æмæ уæ нæ акæнон уæ зæххы халдих
зæхмæ, дзул æмæ сæн, дыргътæ æмæ сæн-
дæттæ кæм ис, уыцы зæхмæ. 18Æрмæст уæ
ма фæрæдийын кæнæд Езекиа, ма дзу-
рæд, Дунедарæг нæ фервæзын кæндзæни,
зæгъгæ. Адæмты хуыцæуттæй искæмæн
бантыст йæ адæмы Ассирийы паддзахы
азарæй бахизын? 19Кæм сты Хамат æмæ
Арпады хуыцæуттæ? Цы фесты Сефарваи-
мы хуыцæуттæ? Самарийы сахар, мыййаг,
бахызтой мæ фыдæхæй? 20Ацы бæстæты
æппæт хуыцæуттæй кæмæн бантыст йæ
бæстæ мæ фыдæхæй фервæзын кæнын?
Уæдæ Дунедарæг дæр куыд хъуамæ бахиза
мæ азарæй Йерусалимы сахар?»
21Иууылдæр æм хъуыстой æнæ хъыпп, æнæ
сымæй, иу ныхас дæр не схауди сæ дзыхæй,
уымæн æмæ сын паддзах Езекиа бафæдзæхс-
та, мацы-иу æм сдзурут, зæгъгæ. 22Паддзах
Езекиамæ скъуыдтæ дарæсы æрбаздæхтыс-
ты Хилкиайы фырт Елиаким — паддзахы
галуаны бæрнон, Шевна — нымæрдар, Асафы
фырт Йоах — азфыссæг æмæ йын Ассирийы
паддзахы ныхæстæ рафæзмыдтой.

**37** Езекиа уыцы ныхæстæ куы фехъуыста,
уæд йæ дарæс фæйнæрдæм арæдывта, скод-
та сæхъис æмæ Дунедарæджы хæдзармæ
бацыд. 2Йæ галуаны бæрнылæг Елиакимы,
нымæрдар Шевнайы æмæ хистæр сауджын-
ты, сæ уæлæ сæхъистæ, афтæмæй арвыста
Амоцы фыртмæ, пехуымпар Исайамæ. 3Уы-
дон ын загътой: «Езекиа афтæ зæгъы: ацы
бон нæ Хуыцау бафхæрдта нæ тæригъæдты
тыххæй. Нæ фыдох æмæ нæ худинаджы
заман ралæууыд. Арын афон æрхæццæ
ис, фæлæ ныййарынæн хъару нæй. 4Ас-
сирийы паддзах йæ хистæр дзагдары æр-
барвыста цардæгас Хуыцауæн фидистæ
кæнынмæ. Тæхуды æмæ Дунедарæг, дæ
Хуыцау, куы фехъусид, куыд æй фауынц,
уый! Гъемæ скув, удæгас ма нæ чи баззад,
уыдоны тыххæй».
5Паддзах Езекиайы дæлдæртæ Исайамæ
бацыдысты æмæ йын паддзахы ныхæстæ
рафæзмыдтой. 6Исайа сын загъта:
«Уæ хицауæн зæгъут, Дунедарæг дын,
зæгъ, фæдзæхсы, Ассирийы паддзахы
дæлдæртæ Мæн цы ныхæстæй фаудтой,

уыдонæй ма тæрс. [7]Æз ын йæ фæнд аи-
вын кæндзынæн. Ахæм хабар фехъусдзæн,
æмæ фæстæмæ аздæхдзæн йæ бæстæм,
æмæ йæ Æз йæхи зæххыл карды амæттаг
бакæндзынæн».
[8]Ассирийы паддзахы сæйраг уырдыгыстæг
аздæхти фæстæмæ, æмæ йæм фæндагыл фæ-
хабар чындæуыд, Санхериб Лахишы сахар
ныууагъта, зæгъгæ. Йæ паддзахы баййæфта
Ливнæйы сахары ныхмæ хæцгæйæ.
[9]Санхерибмæ фæхабар чындæуыд, Эфио-
пийы паддзах Тирхака йæ ныхмæ хæцынмæ
рацыди, зæгъгæ. Иудейаг паддзах уый куы
фехъуыста, уæд иудейаг паддзах Езекиа-
мæ минæвæрттæ арвыста, [10]цæмæй йын
зæгъой: «Сайгæ дæ кæны дæ Хуыцау, дæ
зæрдæ Кæуыл дарыс, Уый, Йерусалим Ас-
сирийы паддзахы къухтæм нæ бахаудзæн,
зæгъгæ дын кæй дзуры, уымæй. [11]Æнæфе-
хъусгæ нæ фæуыдаис, Ассирийы паддзæхтæ
æппæт бæстæтæн цытæ бакодтой æмæ сæ
куыд бабын кодтой, уый. Уæд ма ды та ку-
ыд аирвæздзынæ? [12]Ау, мæ фыдæлтæ кæй
ныццагътой, уыцы адæмты — Гозан, Харан,
Рецеф æмæ, Телассары чи ис, уыцы Едे-
ны цæрджыты — сæ хуыцæуттæ фервæзын
кодтой? [13]Кæм сты ныр Хамат æмæ Арпады
паддзæхтæ? Цы фесты Сефарваимы, Хенайы
æмæ Иввайы паддзæхтæ?»
[14]Езекиа минæвæртты къухæй фыстæг
райста æмæ йæ бакаст. Уый фæстæ Дунеда-
рæджы хæдзармæ бацыд æмæ йæ Дунедарæ-
джы раз райхæлдта. [15]Езекиа Дунедарæгмæ
скуывта: [16]«Уæларвæфсады Бардарæг, Изра-
илы Хуыцау, херувимтыл Æнцайæг! Ды дæ
дунейы æппæт паддзахæдты иунæг Хуыцау.
Ды сфæлдыстай арв æмæ зæхх. [17]О Дунеда-
рæг, æркæс нæм! Æркæс нæм æмæ фехъус,
Санхериб Дæуæн, цардæгас Хуыцауæн, цы
фидистæ кæны, уый. [18]Æцæгдæр, о Дуне-
дарæг, Ассирийы паддзæхтæ ныггæныстон
кодтой æппæт ацы бæстæтæ, [19]басыгътой
сын сæ хуыцæутты. Фæлæ уыдон хуыцæуттæ
нæ уыдысты. Адæймаг сæ хъæд æмæ дурæй
скодта, æмæ ассириæгты бон уымæн баци
сæ ныппырх кæнын. [20]Ды нæ, Дунедарæг, нæ
Хуыцау, фервæзын кæн Ассирийы паддза-
хæй. Уадз æмæ æппæт зæххон паддзахæдтæ
дæр базоной, Ды, Дунедарæг, иунæг Хуыцау
кæй дæ, уый».
[21]Амоцы фырт Исайа арвыста Езекиамæ,
цæмæй йын рафæзмой Дунедарæджы, Изра-
илы Хуыцауы, ныхæстæ: «Ды Мæм æххуыса-
гур скуывтай Ассирийы паддзах Санхерибы
ныхмæ, [22]æмæ йын Æз загътон:

„Æлгъ дыл кæндзысты
æмæ дыл худдзысты Сионы хохы
цæрджытæ,
Йерусалимы адæм.

[23] Кæй фаудтай ды,
Кæмæн фæкодтай фидистæ?
Кæуыл хъæр кодтай,
Кæмæ кастæ æнæвввæрсон цæстæй?
Израилы Стыр Хуыцаумæ.
[24] Дæ цагъартæн бафæдзæхстай Мæн
фауын.

Дæхи стыдтай, мæ бирæ бæхæфсади-
мæ, дам,
схызтæн хæхты бæрзæндтæм, Ливаны
рæгътæм.
Ныццагътон, дам, ын йæ бæрзонд
кедр бæлæстæ,
йæ хуыздæр кипаристæ.
Схызтæн, дам, ын йæ бæрзонддæр
хохмæ,
бацыдтæн йæ хуыздæр хъæдмæ.
[25] Ме знаджы зæххыл дам-иу мæхицæн
скъахтон цъайтæ мæ дойны
сæттынæн.
Мысырæн, дам, йæ цæугæдæттæ та
байсысын кæндзынæн мæ къæхты
бын.

[26] Фæлæ-ма зæгъ,
дæ хъуыстыл никуы æрцыдис,
Æз уыдæттæ незаманты кæй стæрхон
кодтон, уый?
Ныр сæ æххæст кæнын,
ды сахартæ куыд гæныстон кæныс,
куыд сæ пырх кæныс, уыцы хуызы.
[27] Сæ цæрджытæн сæ уд сæ хъуырмæ
сси,
ризæг сыл бахæцыд,
худинаджы гакк сыл сбадти.
Систы сыгъд быдыры кæрдæгау —
куыддæр схæцы, афтæ бахус вæййы.
Кæнæ уæлхæдзæртты тыд мæнæуау —
бахус вæййы, æфсир нæма рафтауы,
афтæмæй.
[28] Цыдæриддæр дæм фæндтæ
фæзыны —
зонын дын сæ рагацау.
Зонын, Мæ разы куыд къæйных дæ,
уый дæр.
[29] Дæ къæйных æмæ де схъæлдзинады
кой
Мæ хъуыстыл кæй ауад,
уый тыххæй дын дæ фындзыл

цæг бакæндзынæн,
дæ дзыхы — идоны къæбæлтæ
æмæ дæ, кæуылты æрбацыдтæ,
ууылты фæстæмæ аздахдзынæн“.

30 Дæуæн та, Езекиа, мæнæ нысан:
ацы аз хæрут,
хæдæвзæрдæй цы хор æрзади, уый,
иннæ аз дæр хæрдзыстут,
йæхигъæдæй цы хор æрзайа, уый,
æртыккаг аз та-иу байтаут
æмæ бафснайут уæ хортæ,
скæнут сæндæттæ æмæ хæрут
сæнæфсир.
31 Уæд та, Иудæйы байзæддагæй чи
фервæза,
уыдон ауадздзысты арф уидæгтæ
æмæ ратдзысты хъæздыг тыллæг.
32 Уыцы байзæддаг
рацæудзæн Йерусалимæй, Сионы
хохæй.
Уыцы хъуыддаг æрцæудзæн,
Уæларвæфсады Бардарæг уыл æнувыд
кæй у,
уый фæрцы.
33Уымæ гæсгæ ма дын Æз, Дунедарæг, но-
джыдæр зæгъын:

Ассирийы паддзах
нæ бафтдзæни ацы сахармæ,
иу фат дæр ыл не суадздзæн,
нæ йæм бацæудзæни кард æмæ
уартимæ,
нæ йын самайдзæн йæ алыварс
сыджытбыру.
34 Ардæм кæуылты æрбацыд,
ууылты аздæхдзæни фæстæмæ.
Нæ йын бантысдзæн ацы сахармæ
бабырсын.
Уый зæгъын Æз — Дунедарæг!
35 Æз бахъахъхъæндзынæн ацы сахар,
фервæзын æй кæндзынæн Мæхи
æмæ Мæ цагъар Давиды сæраппонд».

36Уæд ассириæгты рæсæнуатмæ бацыди
Дунедарæджы æрвыст удхæссæг æмæ сæ
амардта сæдæ æстай фондз мин хæстоны.
Райсомæй се ’ппæты дæр ссардтой мардæй.
37Æмæ уæд фæстæмæ аздæхт Ассирийы
паддзах Санхериб æмæ баззади Ниневийы.
38Йæ хуыцау Нисрохы кувæндоны кувгæ
куыд кодта, афтæмæй йæ кардæй амардтой
йæ фырттæ Адрамелех æмæ Сарецер æмæ
алыгъдысты Арараты бæстæм. Йæ фæстæ
паддзах сси йæ фырт Есар-Хаддон.

**38** Уыцы бонты Езекиа фæци мæлæтдзаг
рынчын. Амоцы фырт, пехуымпар Исайа
йæм æрбацыд æмæ загъта: «Дунедарæг дын
фæдзæхсы, дæ хæдзаронтæн, дам, ныуадз
ныстуан, уымæн æмæ мæлæтдзаг низæй нал
сдзæбæх уыдзынæ».
2Езекиа къулы ’рдæм азылди æмæ Дуне-
дарæгмæ скуывта: 3«О Дунедарæг! Рох Дæ
ма уæд, иузæрдион Дыл кæй уыдтæн, уый.
Зæрдиагæй Дæм хъуыстон, æдзух Дын Дæ
фæндон æххæст кодтон».
Æмæ ныккуыдта.

4-5Уæд Дунедарæг Исайайæн бафæдзæхста,
Езекиамæ бацу æмæ йын Мæ номæй, Дави-
ды Хуыцауы номæй, зæгъ: «Дæ куывд дын
фехъуыстон, федтон дын дæ цæстысыг дæр
æмæ ма дын дæттын фынддæс азы цæрæн-
бон. 6Ассирийы паддзахы фыдæхæй фервæ-
зын кæндзынæн дæу дæр æмæ ацы сахар дæр.
Æз бахъахъхъæндзынæн Йерусалим. 7Мæнæ
дын нысан, Хуыцау Йæ дзырд кæй сæххæст
кæндзæн, уый тыххæй. 8Ныртæккæ паддзах
Ахазы конд асиныл дæс къæпхæны бæрц
фæстæмæ ссæуын кæндзынæн хуры ауон».
Æмæ хур фæстæмæ ссыди, цы дæс къæп-
хæныл æрхызти, уыдоныл.

9Езекиа йæ низæй куы сдзæбæх, уæд ныф-
фыста ацы куывд:
10 «Мæхицæн загътон,
мæ царды тæккæ æмбисы мæ
мæрдтыбæсты къæсæрыл бахизын
хъæуы.
11 Дзырдтон, нæ фендзынæн
Дунедарæджы,
нæ фендзынæн Дунедарæджы а
дунейыл,
нал рацæудзынæн адæмы ’хсæнмæ.
12 Мæ цæрæнуат мын ахæсдзысты
йæ бынатæй фыййауы мусонгау.
Тынуафæг йæ тын куыд батухы,
афтæ батухдзынæн мæ цард.
Ды мын æй алыг кæндзынæ,
тынуафæг цæттæ тын куыд алыг кæ-
ны, уыйау.
Бон æмæ æхсæв æнхъæлмæ кастæн,
кæрон мын кæд скæндзынæ, уымæ.
13 Мæхицæн ныфсытæ æвæрдтон
райсоммæ,
кæд фæдзæбæх уаин, зæгъгæ,
фæлæ мын низ домбайау ме стæг
саста.
О, бон æмæ æхсæв æнхъæлмæ кастæн,
кæрон мын кæд скæндзынæ, уымæ.

14 Мæ хъæлæс уыди
зæрватыччы цъиу-цъиуы,
бæлоны хъуырруйы хуызæн.
Арвы бæрзондмæ кастæн ныфссастæй
æмæ куывтон: „О Дунедарæг! Нал
фæразын,
фæдзæхсын дыл Мæхи!“
15 Æндæр цы загътаин?
Йæхæдæг мын сарæзта,
ныфс мын цæмæй бавæрдта, уый.
Æмæ ныр æнцад æрвитдзынæн
мæ царды бонтæ,
мæ уды хъизæмар мысгæйæ.
16 О Дунедарæг! Афтæ цæрынц адæм,
уыдæтты мидæг — йæ царды мидис
мæ удæн.
Ды мæ сдзæбæх кæндзынæ,
цард мын балæвар кæндзынæ.
17 Мæ хъизæмар мын хорзæрдæм фæци.
Ингæны къæсæрæй мæ раздæхтай,
мæ тæригъæдтæ мын
Дæ фæсчъылдыммæ фехстай дард.
18 Мæрдтыбæсты Дын ничи скад
кæндзæн,
мард чи у, уый нæ ныззардзæн Дæ
кадæн.
Ингæнмæ чи ныххиза,
уый Дыл нæ бафæдзæхсдзæн йæхи.
19 Æрмæстдæр æгас чи у,
уый Дын скæндзæни кад мæнæ мæнау
абон.
Фыд дзурдзæн йæ цотæн,
цæмæй Дыл фæдзæхсой сæхи.
20 Дунедарæг мæ фервæзын кæндзæн,
æмæ, цалынмæ цæрæм,
уæдмæ хъисфæндыртæй
цæгъддзыстæм
Йæ Кувæндоны».

21 Исайа загъта: «Æрбахæссæнт легъуиты
хустæ, йæ хæфдзастыл ын сæ æрæвæрæнт,
æмæ уæд сдзæбæх уыдзæн».
22 Езекиа бафарста: «Цæмæй базондзынæн,
ногæй та Дунедарæджы Кувæндонмæ бацæ-
уын мæ бон суыдзæн, уый?»

**39** Уыцы заман Баладаны фырт Меродах-
Баладан, Вавилоны паддзах, фехъуыста,
Езекиа кæй фæрынчын æмæ йæ низæй кæй
сдзæбæх ис, уыцы хабар æмæ йын лæвæрт-
тæ æрбарвыста фыстæгимæ. 2 Езекиайæн
æхсызгон уыди минæвæртты æрбацыд. Рав-
дыста сын йæ хæзнадоны æвзист æмæ сыгъ-
зæринтæ, йæ хæрздæфгæнæнтæ, зынаргъ
сой, йæ хотыхты æфтауцуат æмæ йе 'ппæт
æвæрæнтæ, йæ хæлц. Цы нæ сын равдыста
Езекиа, ахæмæй йæм ницыуал баззад йæ
галуаны дæр æмæ йæ паддзахады дæр.
3 Уæд пехуымпар Исайа бацыди паддзах
Езекиамæ æмæ йæ фæрсы: «Цы дын дзырд-
той уыцы адæм? Кæцæй дæм æрбацыдысты?»
Езекиа загъта: «Дард бæстæй мæм æрба-
цыдысты, Вавилонæй».
4 Исайа та йæ ноджыдæр фæрсы: «Дæ га-
луаны цы федтой?» Езекиа йын дзуапп рад-
та: «Ницы сæ басусæг кодтон. Мæ галуаны
æмæ ме 'вæрæнты цыдæриддæр ис, уый
сын равдыстон».
5 Уæд Исайа загъта Езекиайæн: «Байхъус,
уæдæ, Уæларвæфсады Бардарæг цы зæгъы,
уымæ! 6 Ралæудзæн ахæм заман, æмæ дæ
галуаны цыдæриддæр ис, дæ фыдæлтæ ны-
ронг цыдæриддæр исбон самал кодтой, уый
Вавилонмæ ласт æрцæуыдзæн, иу мисхалы
бæрц дæр дын дзы нал ныууадздзысты, —
зæгъы Дунедарæг. — 7 Цы фырттæ ма дын
рантыса, уыдоны дæр дын ахæсдзысты Ва-
вилонмæ æмæ сæ уым паддзахы галуаны
бафтаудзысты лæггад кæныныл».
8 Езекиа загъта: «Дунедарæджы дзырд
рæстдзæвин у». Йæ ныхасыл ма бафтыд-
та: «Фæлæ ма уæддæр, цалынмæ æз цæрон,
уæдмæ æдас уæд нæ бæстæ, йæ фарн ма
фесæфæд!»

**40** Уæ Хуыцау афтæ зæгъы:
«Ныфс бауадзут, ныфс,
Мæ адæмы зæрдæйы!
2 Йерусалиммæ рæвдаугæ дзурут.
Зæгъут ын, дæ уацары бонтæ, зæгъ,
фæцыбыр сты,
дæ азым дын барст æрцыди.
Уымæн æмæ Дунедарæджы къухæй
дывæр æфхæрд баййæфта йæ тæри-
гъæдты тыххæй!»

3 Хъуысы фидиуæджы хъæлæс:
«Æрцæттæ кæнут Бардарæгæн фæндаг
æдзæрæг быдыры,
сæмраст кæнут нæ Хуыцауæн Йæ
цæуæнтæ.
4 Алы дæлвæз дæр йæхиуыл схæцæд,
алы хох, алы къуыбыр дæр æрнылл æг
уæд,
гакъæттæ сæмраст уæнт,
къуыппытæ, дзыхъхъытæ слæгъз
уæнт.
5 Æмæ Дунедарæджы кад раргом
уыдзæн,
æмæ Йæ алы адæймаг дæр фендзæн!

Дунедарæг Йæхæдæг загъта афтæ».

6 Цавæрдæр хъæлæс мын загъта:
«Рахабар кæн дæ адæмæн!»
Æз бафарстон: «Цы сын рахабар
кæнон?»
«Адæймаг кæрдæджы хуызæн у,
рæсугъдæй та — быдираг дидинæджы
æнгæс.
7 Кæрдæг бахус вæййы,
дидинджытæ баруайынц,
Дунедарæг сыл куы бафу кæны, уæд.
О, адæм кæрдæджы хуызæн сты.
8 Кæрдæг бахус вæййы,
дидинджытæ баруайынц,
фæлæ нæ Хуыцауы дзырд та
баззайдзæн æнустæм».

9 Бæрзонд хохмæ схиз, Сионы сахар,
фарны уац хæссæг!
Дæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кæн,
фарны уац хæссæг Йерусалим!
Ныхъхъæр кæн, æппындæр мацæмæй
тæрс!
Мæнæ — уæ Хуыцау, зæгъгæ,
зæгъ Иудейы сахартæн!
10 Æрцæуы Дунедарæг Хуыцау —
Уæлахиздзау, хъомысджын
æлдариуæггæнæг.
Йæ хъомыс дæр æмæ Йæ хъуыддæг-
тæ дæр
Йæхи бар сты.
11 Йæ адæмы Йæ фæдыл хондзæни,
уæрыччыты йæ къухмæ чи сисы,
йæ хъæбысы сæ чи хæссы,
сæ мадæлты сын йæ фæдыл
рæвдаугæ хъæлæсæй чи хоны,
уыцы хорз фыййауы хуызæн.
12 Денджыз армыдзаггай
равдæлон кæнын кæй бон у?
Кæй бон у уылынгæй
уæлæрвтæ абарын?
Зæххы сыджыт чи бацæуын кæндзæни
къæртайы мидæг?
Хæхтæ æмæ къуылдымтæ
чи сбардзæни тæрæзтыл?
13 Дунедарæджы Удæн фæндагаразæг Чи
уыд?
Чи Йын уыди уынаффæгæнæг?
Ахуыр Æй Чи кодта?
14 Кæимæ уынаффæ кæны,
чи Йын амоны зонд,
раст фæндагыл Æй Чи аразы?
Чи Йын дæтты зонындзинæдтæ,
уæлзонды фæндаг Ын Чи амоны?

15 Адæмтæ — доны 'ртах къæртайы,
тæразы уæлæ — рыджы мур.
Миты тъыфылау фелвасдзæни
денджызы сакъадæхтæ.
16 Ливаны хъæды бæлæстæ фаг не сты
Дунедарæджы аккаг нывонд
басудзынæн,
йæ цæрæгойтæ
та — иууылсудзинагæн.
17 Æппæт адæмтæ дæр ницы сты Йæ
разы —
ницыдзинадæй, афтиддзинадæй
къаддæрыл нымад сты Уымæ.
18 Уæдæ кæимæ абаринаг стут Хуыцауы?
Кæм ссардзыстут Уый хуызæн?

19 Æрмдæсныйы арæзт джиппыуагъд хуы-
цаугонд? Зæрингуырд æй скæны сыгъзæ-
ринæй, сфæлынды йæ æвзист рæхыстæй.
20 Йæ къух кæмæн нæ амоны, уый та ахæм
лæвар бакæнынæн равзары, æмбигæ чи нæ
кæны, ахæм хъæды лыггаг, ссары арæхст-
джын æрмдæсны, æмæ йын уыцы хъæдæй
скæнын кæны хуыцаугонд, йæ бынаты фидар
чи лæууа, ахæм.

21 Ау, ницы 'мбарут? Ницы фехъуыстат?
Нæ уын загъдæуыди тæккæ
райдианæй?
Зæхх Чи скодта, уый уын æнæзонгæ у?
22 Зæххы зиллаккæн йæ сæрмæ бады
Уый.
Зæххыл чи цæры, уыдон
цъырцъырæгтæй уæлдай не сты.
Уый та уæлæрвтæ айтыгъта уæздан
уæфтæй,
æрцарæзта сæ цатырау,
цæмæй сæ быны уа цæрæн.
23 Зæххон барджынтæ æмæ
тæрхонгæнджытæ
Йæ цуры ницы сты, æмæ сæ бабын
кæндзæн.
24 Куыддæр сæхиуыл уæлæмæ схæцой
æмæ зæгъой,
мæнæ ныр нæ къæхтыл
фидар слæууыдыстæм, зæгъгæ,
афтæ сыл Дунедарæг
дымгæ радымын кæндзæн,
æмæ бахус уыдзысты.
Уаддымгæ сæ ахæсдзæни зыгуымау.

25 «Уæдæ Мæ кæй халдихыл нымайут,
Мемæ чи бары йæхи?» — зæгъы Стыр
Хуыцау.
26 Уæ цæстытыл схæцут уæлæмæ,

скæсут уæлæрвтæм æмæ ахъуыды
кæнут,
Чи сæ сфæлдыста, Ууыл.
Чи сфæлдыста уый бæрц стъалытæ?
Чи сæ базмæлын кодта
æнæнымæц æфсадау?
Уый сæ алкæцымæ дæр дзуры
йæ номæй.
Иумæ дæр сæ нæ фæвæййы
æнæ фæсидгæ.

27 Израилы адæм, Йаковы
байзæддæгтæ,
куыд дзурут сымах,
Дунедарæг Хуыцау ныл нæ тыхсы,
ферох нæ кодта, зæгъгæ?
28 Ау, ницы зонут? Нæ фехъуыстат,
æнæмæлгæ Дунедарæг —
Дунедарæг Хуыцау —
фæллайгæ æмæ фæлмæцгæ кæй нæ
кæны, уый?
29 Фæлмæст æмæ стад лæгæн
Йæхæдæг куы дætты хъомыс.
30 Æрыгон лæппутæ дæр бастайынц,
сæдых вæййынц, сæ къæхтыл нал
фæлæууынц.
31 Фæлæ Дунедарæгыл йæ зæрдæ чи
дары,
уыдонæн æфтдзæни сæ хъаруйыл
æмæ цæргæсау айтынг кæндзысты сæ
базыртæ.
Згъордзысты æмæ фæллад нæ
зондзысты,
уайдзысты æмæ нæ бастайдзысты.

**41** «Æдзæмæй Мæм хъусут,
денджызы сакъадæхтæ
æмæ денджызгæрон зæххытæ!
Сæ хъарутæ æрбамбырд кæнæнт
адæмтæ,
æрбацæуæнт æмæ зæгъæнт,
тæрхоны раз æрлæууæм иумæ,
зæгъгæ!

2 Скæсæны Чи растын кодта
рæстæвзары,
Чи йæ рацæуын кодта Йæ фæдыл?
Йæ дæлбар ын бакодта адæмты,
йæ къæхты бын — паддзæхты.
Уый сæ йæ кардæй фæнык фестын
кодта,
йæ фатæй сæ ныззыгуым кодта.
3 Йæ разæй сæ æдæрсгæ айста,
йæ къæхтæ зæххыл дæр нæ
ныдзæвынц.
4 Ацы хабæрттæ
Кæй фæрцы æрцæуынц,
уый Чи у?
Уый у, адæмты фæлтæртæн
райдианæй нырмæ дунейы рухс
Чи фенын кæны, уыцы Хуыцау.
Æз Дунедарæг дæн.
Райдианы дæр Æз дæн
æмæ фæстаг заман дæр
Æз уыдзынæн».

5 Денджызгæрон сахарты цæрджытыл,
ацы цаутæ фенгæйæ, ризæг бахæцыд,
зæххы цъары алы кæрæтты дæр
адæм базыр-зыр кодтой.
Æрбангом сты, иумæ æрбамбырд сты.

6 Кæрæдзийæн æххуыс кæнынц, ныфсытæ
æвæрынц, фидар лæуу, зæгъгæ. 7 Æрмдæс-
ны разæнгард кæны згъæртайынгæнæджы,
хъæсдарæгыл згъæр сыф тъæпæнгæнæджы.
Зæгъы йын, хорз у, зæгъгæ, æмæ йæ зæгæл-
тæй ныффидар кæны, куыннæ фенкъуыса,
афтæ.

8 «Израилы адæм, Йаковы
байзæддæгтæ!
Æз уæ равзæрстон лæггад кæнынмæ,
Мæ хæлар Авраамы фæстагæттæ!
9 Фæсидтæн уæм æмæ уæ
дунейы алы кæрæттæй æрæмбырд
кодтон,
загътон уын, Мæ цагъартæ стут,
зæгъгæ.
Æз уæ равзæрстон æмæ уыл Мæхи
нæ атигъ кæндзынæн.
10 Тæрсгæ ма кæнут, Æз уемæ дæн!
Уæ зæрдæ мацæмæ æхсайæд,
уымæн æмæ Æз уæ Хуыцау дæн!
Уæ зæрдæйы уын бауадздзынæн
ныфс,
баххуыс уын кæндзынæн
æмæ уæ бахъахъхъæндзынæн
Мæ хъомысджын къухæй.
11 Лæбургæ уæм чи кæны —
иууылдæр худинаг æмæ аллайаг
фæуыдзысты.
Уемæ чи быцæу кæны —
заууатмæ æрцæудзысты æмæ бабын
уыдзысты.
12 Уæ фыдгулты уæ цæсты кæронæй дæр
нал фендзыстут.
Уæ ныхмæ чи хæцы,
уыдон зыбыты ницæмæ
æрцæудзысты.

13 Уымæн æмæ Æз — Дунедарæг,
уæ Хуыцау.
Уæ рахиз къухыл уын хæцын æмæ
уын зæгъын,
ма тæрсут, Æз уе 'ххуысгæнæг дæн,
зæгъгæ.
14 Ма тæрсут, Израилы адæм,
Йаковы байзæддæгтæ!
Къуыдыргалмау æнæбон куы уат,
уæд дæр Æз уæ фарсмæ дæн
æмæ уын баххуыс кæндзынæн.
Æз — Дунедарæг, Израилы Стыр
Хуыцау —
ссæрибар кæндзынæн сымах.
15 Æз уæ сарæзтон найгæнæн дзоныгъ,
цыргъдæндагджын, æмæ банай
кæндзыстут,
ныххафдзыстут хæхтæ æмæ
уæлвæзтæ,
рыг сæ фестын кæндзыстут.
16 Дымгæмæ сæ ныддардзыстут,
æмæ сæ дымгæ ахæсдзæн,
уаддым сæ ныххæлиу кæндзæн.
Æмæ уæд бацин кæндзыстут
Дунедарæгыл,
стаудзыстут Израилы Стыр
Хуыцауы».

17 Дунедарæг загъта:
«Мæ мæгуыр, Мæ гæвзыкк адæм
дойныйæ мæлынц æмæ дон нæ
арынц,
донмондагæй се 'взаг сæ комы ных-
хус ис.
Фæлæ сæ Æз — Дунедарæг,
Израилы Хуыцау — фехъусдзынæн,
сæ тыхсты сæ нæ ныууадздзынæн.
18 Хæхтыл сын рауадздзынæн
цæугæдæттæ,
дæлвæзты сын фестын кæндзынæн
суадæттæ,
æдзæрæг быдыры сын айтындздзы-
нæн цад,
сыгъд зæххы азгъордзысты
къададæттæ.
19 Æдзæрæг быдыры
ныссадздзынæн кедртæ,
акъацитæ, миртытæ, оливæ
бæлæстæ,
тыгъд быдыры — кипаристæ, цымтæ
æмæ тæрс бæлæстæ,
20 цæмæй феной æмæ базоной,
æркæсой æмæ бамбарой:
Дунедарæджы,
Израилы Стыр Хуыцауы, конд сты».

21 «Уæ хъаст æрбахæссут, —
зæгъы Дунедарæг. —
Бæлвырдгæнæнтæ равдисут», —
зæгъы Йаковы Паддзах. —
22 Уæ хуыцæуттæ нын æрхæссæнт
бæлвырд æвдисæйнæгтæ,
рагацау фехъусын кæнæнт,
фидæны цы æрцæудзæн, уыдæттæ.
Сæ ныхæстæ кæд сæххæст уой,
уæд сыл бауæнддзыстæм.
23 Зæгъут нын, фидæны цы æрцæудзæни
хорзæй дæр æмæ фыдæй дæр, уый,
æмæ уæд базондзыстæм,
сымах æцæгдæр хуыцæуттæ кæй стут,
æмæ уын аргъуыц кæндзыстæм.
24 Фæлæ сымах уæхæдæг дæр ницы стут,
æмæ уæ митæ дæр ницы сты.
Чи уæ нымайы, уый та æлгъаг у.

25 Æз рæстæвзары ракодтон цæгатæй,
æмæ æрбацæуы. Скæсæнæй Мæм
кувы.
Цъыфау йæ къæхты бын ссæнды
барджынты,
дурынгæнæг æлыг куыд фæнæмы,
афтæ.
26 Сымахæрдыгæй рагацау чи загъта
уыцы рæстæвзары тыххæй,
цæмæй мах дзæвгар фæстæдæр
балхынцъ кæнæм, раст загъта, зæгъгæ?
Ничи загъта, ничи фехъусын кодта.
Уæ ныхæстæ уын хъусгæ дæр ничи
фæкодта.
27 Иунæг Æз загътон Сионы сахарæн,
Йерусалимы цæрджытæн, мæнæ уæм
фарны уац хæссæджы æрвитын,
зæгъгæ.

28 Афтæмæй Æз адæмтыл
афæлгæсыдтæн,
æмæ се 'хсæн иу хуыцау дæр нæ
разынд,
зондæй кæй бафæрсой, ахæм.
Никæй сæм федтон,
кæй бафæрсон, ахæм хуыцау.
29 Афтæмæй, сæхæдæг дæр — ницы,
сæ митæ дæр — ницæйаг;
сæ гуымирытæ дымгæйæ уæлдай не
сты, ницы сты.

**42** Дунедарæг загъта:
«Мæнæ Мæ Лæггадгæнæг — Йемæ дæн
Æз,
Ме 'взæрст, Мæ ахсджиаг.
Мæ Удæй Йæ схайджын кæндзынæн,

æмæ адæмтæн фехъусын кæндзæни
Мæ раст тæрхон.
2 Быцæу æмæ хъæр нæ кæндзæн,
уынгты Йын Йæ хъæлæс нæ
фехъусдзысты.
3 Хъæзы фаст зæнг не ’рбасæтдзæн
æмæ ахуыссынæввонг цырагъ
нæ бамынæг кæндзæн.
Æцæг, Уый раст тæрхон рахæсдзæн.
4 Не сæдых уыдзæни, нæ бастайдзæни,
цалынмæ зæххыл раст тæрхон æрфи-
дар кæна, уæдмæ.
Йæ амындтытæм Ын æнхъæлмæ
кæсдзысты
денджызгæрон зæххытæ».
5 Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау,
уæлæрвтæ Чи сфæлдыста æмæ сæ Чи
айтыгъта,
зæхх æмæ йыл цыдæриддæр ис, уы-
дон сфæлдисæг,
зæххыл цæрæг адæмæн царды кому-
лæфт Чи ратты,
чидæриддæр зæххыл цæры,
уыдонæн царды комулæфт
Чи балæвар кæны, Уый:
6 «Æз, Дунедарæг, фæсидтæн Дæумæ,
Дæ къухыл Дын хæцдзынæн
æмæ Дæ хиздзынæн фыдбылызæй.
Ды — Мæ Фидыд адæмимæ —
æппæт адæмтæн рухс дæ.
7 Куырмытæн байгом кæндзынæ сæ
цæстытæ,
ахæстыты ракæндзынæ сæ талынг
ахæстæттæй.
8 Æз Дунедарæг дæн.
Уый Мæ ном у,
æмæ Мæ кад никæмæн ратдзынæн,
Мæ намыс гуымирытæн нæ балæвар
кæндзынæн.
9 Раздæр цы загътон, уый сæххæст ис.
Ныр та зæгъдзынæн ног ныхас,
зæгъдзынæн æй рагагъоммæ,
цалынмæ нæма сæххæст ис, уæдмæ».

10 Дунедарæджы кадæн ныззарут ног
зарæг!
Стаут Æй, денджыздзаутæ,
денджызы цæрæгойтæ æмæ æппæт
бæстæтæ,
зæххы алы кæрæтты!
11 Зарæнт Ын æдзæрæг быдыры сахартæ,
Кедары байзæддаджы хъæутæ,
хæхбæсты адæм хæхты цъуппытæй!
12 Кад скæнæнт Дунедарæгæн,
стауæнт æй алы бæстæты!
13 Дунедарæг рацæудзæни
гуыппырсарау,
разæнгард уыдзæни хæцынмæ.
Уæлахизы хъæр ныккæндзæн
æмæ Йæ хъомысæй
ныффалгæрон кæндзæни Йе знæгты.
14 Дунедарæг зæгъы:
«Дзæвгар фæурæдтон Мæхи, ницы
дзырдтон.
Фæлæ ныр арæг сылгоймагау
хъæрахст кæнын, тыхулæфтгæнгæ.
15 Сафтид кæндзынæн
хæхтæ æмæ уæлвæзтæ,
сæ зайæгхал сын бахус кæндзынæн,
байсысын кæндзынæн цæугæдæттæ,
басур кæндзынæн цадтæ.
16 Куырмыты акæндзынæн,
нырмæ кæй нæ зыдтой, ахæм
фæндагыл,
æнæзонгæ фæндæгтыл сæ
акæндзынæн.
Сæ размæ сын тар ныррухс
кæндзынæн,
сæ фæндæгтæ сын слæгъз
кæндзынæн.
Гъе афтæ сыл ауддзынæн,
нæ сæ ныууадздзынæн.
17 Уæд, йæ зæрдæ гуымирытыл чи
дардта,
сымах нæ хуыцæуттæ стут, зæгъгæ,
сын
табу чи кодта,
уыдон худинаджы бын фæуыдзысты
æмæ алидздзысты».

18 Уæ хъустæ байгом кæнут, къуырматæ,
уæ цæстытæ байгом кæнут,
куырмытæ,
цæмæй уынат!
19 Афтæ ’нхъæл стут,
æмæ Дунедарæг куырм æмæ къуыр-
ма у?
Уый, Йæхицæн лæггадгæнæгæн кæй
равзæрста
æмæ Йæ минæвар кæй скодта,
уыдон сты куырм æмæ къуырма.
20 Сымах бирæ бæргæ федтат,
фæлæ фиппайгæ ницы кодтат,
уæ хъустæ гом бæргæ уыдысты,
фæлæ сæ хъусгæ нæ кодтат.

21 Дунедарæджы бафæндыди
Йæ рæстдзинад æрфидар кæнын —
Йæ бæрзонд, Йæ кадджын Æгъдау,
сымах бафхæргæйæ, равдисын.

22 Уымæн уæ ныггæныстон кодтой æмæ
бастыгътой,
бадут ахæстæтты æмæ хъоргъыты,
уæ фыдгулты амæттаг баистут,
ахастой уæ, æмæ уæ ничи ссæрибар
кæны,
ничи домы фыдгултæй,
ацы адæмы фæстæмæ рауадзут,
зæгъгæ.
23 Уыдæттæм уæ йæ хъус куыд ничи
æрдардта,
йæ фидæныл уæ куыд ничи ахъуыды
кодта?

24 Стигъджыты æмæ абырджыты
амæттаг
чи бакодта Израилы адæмы,
Йаковы байзæддаджы?
Уый Дунедарæг уыд! —
Йæ разы кодтам тæригъæдджын
митæ.
Йæ амынд фæндæгтыл нæ
цыдыстæм,
Йе 'гъдау Ын не 'ххæст кодтам.
25 Уæд уыл Йæ маст акалдта,
æвирхъау хæсты амæттаг уæ бакодта.
Йæ судзгæ-уыраугæ арт уыл
алырдыгæй æртыхсти,
æмæ йæ нæ фиппайдтат,
арыдта уæ, æмæ йæ нæ хатыдыстут.

**43** Фæлæ уын ныр, Израилы адæм,
Йаковы байзæддæгтæ,
уе сфæлдисæг Дунедарæг зæгъы:
«Ма тæрсут, Æз уæ ссæрибар
кæндзынæн!
Æз уæм басидтæн уæ номæй,
уымæн æмæ Мæн стут!
2 Доны сæрты ахизын уæ куы хъæуа,
уæд уыдзынæн уемæ,
цæугæдæтты сæрты куы хизат,
уæд нæ фæдæлдон уыдзыстут.
Арты сæрты хизгæйæ, уæхи
басудздзыстут
æмæ уæ арт нæ ацараудзæн.
3 Уымæн æмæ Æз Дунедарæг дæн,
уæ Хуыцау, Израилы Стыр Хуыцау.
Уæ балхæнынæн радтон Мысыр,
ноджы ма — Эфиопи æмæ Сева.
4 Ахæм зынаргъ Мын стут,
афтæ бирæ уæ уарзын,
æмæ уын уæ сæрвæлтау ратдзынæн
иннæ адæмты, æнæхъæн дуне.
5 Мацæмæй тæрсут, уымæн æмæ Æз
уемæ дæн
æмæ уе 'ппæты дæр æрæмбырд
кæндзынæн
скæсæнæй дæр æмæ ныгуылæнæй
дæр.
6 Цæгатæн зæгъдзынæн:
„Æри Мын сæ!“
Хуссарæн та: „Мауал Мын сæ уром!“
Дардæй Мын æрбакæнут Мæ фыртты,
зæххы кæрæттæй — Мæ чызджыты,
7 Мæ ном чидæриддæр хæссы, уыдоны,
Мæ кадæн кæй сфæлдыстон,
кæй рантысын кодтон,
фæлгонц кæмæн радтон,
æппæт уыдоны».

8 Размæ рацæуæнт Мæ адæм,
цæстытæ кæмæн ис,
фæлæ сæ уынгæ чи нæ кæны,
хъустæ кæмæн ис,
фæлæ сæ хъусгæ чи нæ кæны!
9 Иумæ æрæмбырд уæнт адæмтæ,
æртыгуыр уæнт дзыллæтæ!
Фæлæ уыцы хъуыддаг кæй
æрцæудзæн,
уый сæ рагацау чи загъта?
Æрбакæнæнт сæхицæн æвдисæнтæ
æмæ сæхи сраст кæнæнт,
цæмæй хъусджытæ зæгъой, раст сты,
зæгъгæ!

10 Дунедарæг зæгъы:
«Сымах Ме 'вдисæнтæ стут.
О, сымах æмæ Мæ цагъар, Ме 'взæрст.
Мæ хъуыддæгтæн стут æвдисæнтæ,
цæмæй Мæ базонат, цæмæй
бауæндат,
Æз Иунæг Стыр Хуыцау кæй дæн
æмæ æндæр Хуыцау
Мæ разæй дæр кæй никуы уыд
æмæ Мæ фæстæ дæр кæй никуы уы-
дзæн, уыл.
11 Дунедарæг æрмæстдæр Æз дæн!
Мæн йеддæмæ Ирвæзынгæнæг ничи у!
12 Æз рагагъоммæ загътон,
кæй уæ фервæзын кæндзынæн, уый
тыххæй
æмæ уын æй фехъусын кодтон.
Гъеныр Мын стут æвдисæнтæ,
уымæн æмæ базыдтат,
Æз Хуыцау кæй дæн, уый.
13 Æз райдианæй нырмæ дæр
гъе уыцы Хуыцау дæн.
Мæ къухæй никæй бон бауыдзæни
байсын.
Мæ фæнд дæр никæй бон у аивын».

14 Афтæ зæгъы Дунедарæг,
Израилы Стыр Хуыцау, уæ Ирвæзынгæнæг:
«Сымах сæраппонд Æз
Вавилонмæ арвыстон тыхгæнæг
æмæ фæлидзæг кæндзынæн уе ’фхæрджыты.
Удаистæй халдейæгтæ лидздзысты,
ныр сæ цины хъæртæ кæцæй хъуысынц,
уыцы наутыл.
15 Æз Дунедарæг дæн, уе Стыр Хуыцау,
Израилы Сфæлдисæг, уæ Паддзах!»

16 Дунедарæг зæгъы:
«Æз Мæ адæмæн денджызы бынты,
бæрзонд уылæнты ’хсæнты,
кæддæр айгæрстон фæндаг.
17 Фæсте сæ тохуæрдæттæ æмæ бæхтыл
цы тыхджын æфсад сырдта, уый бабын ис.
Æрхаудысты æмæ сæ бон нал баци сыстын.
Сæ зынг ахуыссыд, судзгæ цырагъ
куыд æрмынæг вæййы æмæ ахуыссы, уыйау.
18 Фæлæ сымах нæ сагъæс кæнут
уыцы рагон цауыл — ферох æй кодтат.
19 Ныр уæ сæраппонд аразын ног хъуыддаг.
Хурау бæрæг куы у, кæй æрцæудзæн, уый,
уæд æй нæ фиппайут?
Æдзæрæг быдыры уын
айгæрддзынæн фæндаг,
сыгъд быдырты уын
рауадздзынæн цæугæдæттæ.
20 Кад Мын кæндзысты тугдзых сырдтæ,
мæрдтыбирæгътæ æмæ страустæ,
уымæн æмæ сыгъд быдыртыл
рауадздзынæн цæугæдæттæ,
цæмæй Ме ’взæрст адæмы бафсадон донæй.
21 Уыцы адæмы Æз сфæлдыстон Мæхицæн,
æмæ Мын дунейыл айхъуысын кæндзысты
Мæ кад, Мæ ном».

22 Дунедарæг загъта
Израилы адæмæн, Йаковы байзæддагæн:
«Сымах нæ куывтат Мæнмæ,
нæ хъизæмар кодтат Мæн тыххæй.
23 Уæ фыстæй Мын нæ хастат иууылсудзинаг,
ницы нывæндтæ Мын кодтат Мæ кадæн.
Нæ уæ домдтон Мæхицæн хойраджы хуынтæ,
нæ уæ тыхсын кодтон,
буд Мын судзут, зæгъгæ.
24 Æвзистæй Мын не ’лхæдтат
хæрздæфгæнæн буд,
нæ Мæ ’фсæстат уæ нывæндты нардæй.
Фæлæ Мæ уыйхыгъд
фыдæбоны хай кодтат уæ тæригъæдтæй,
æвæрдтат Мыл уæ азымы уæззау уæргътæ.
25 Фæлæ уын Æз
Мæхи сæраппонд барын уæ фыдракæндтæ,
уæ тæригъæдтæ уын
нæ бадардзынæн уæ цæстмæ.

26 Цæй æмæ иумæ тæрхоны раз æрлæууæм,
æмæ уæхи сраст кæнут уæ раныхасæй!
27 Уæ фыдæл Йаков дæр ракодта тæригъæд,
уæ раздзæуджытæ рацыдысты Мæ ныхмæ.
28 Уымæ гæсгæ уын Æз уæ сауджынты
сæгад кæндзынæн,
Йаковы байзæддаджы
Мæ азары хай бакæндзынæн,
Израилы ныффидиссаг кæндзынæн».

**44** Ныр Мæм æрбайхъусут, Мæ цагъартæ —
Йаковы байзæддæгтæ,
Ме ’взæрстытæ — Израилы адæм!
2 Афтæ уын зæгъын Æз, Дунедарæг,
уе Сфæлдисæг, мады гуыбыны уæ
Чи равзæрын кодта
æмæ уын æххуыс Чи кæндзæни, Уый:
ма тæрсут, Мæ цагъартæ, Йаковы байзæддæгтæ,
Ме ’взæрстытæ — Йешурун!
3 Донмæ бæллæджы Æз донхорыг скæндзынæн,
æнæ донæй баруайæджы бафсаддзынæн донæй.
Уæ мыггаджы уын Мæ Уды фарнæй
схайджын кæндзынæн,
Мæ арфæ уын æруадздзынæн
уæ фæстагæттыл.

4 Кæрдæджы æхсæнты сæ сæртæ
сдардзысты
донбыл зайæг гæды бæлæстау.
5 Сæ иу дзурдзæн, æз Дунедарæджы
дæн,
иннæ йæхи схондзæн Йаковы номæй,
æртыккаг ма йæ къухыл дæр
ныффысдзæн,
Дунедарæджы дæн, зæгъгæ,
æмæ йæ схондзысты Израил.

6 Афтæ зæгъы Дунедарæг,
Израилы Паддзах, йæ Ирвæзынгæнæг,
Уæларвæфсады Бардарæг:
«Æз дæн фыццаг æмæ фæстаг,
Мæн йеддæмæ нæй Хуыцау.
7 Кæй ис абарæн Мемæ?
Йæхи Мын раргом кæнæд уый,
хъæрæй зæгъæд,
фæд-фæдыл цаутæ радзурæд:
Æз рагон адæмы куы сфæлдыстон,
уæдæй нырмæ цытæ æрцыд
æмæ цытæ æрцæудзæн фидæны,
зæгъæд сæ.
8 Æппындæр мацæмæй тæрсут.
Уæхæдæг Мын æвдисæн стут —
цы хабæрттæ цæуы ныртæккæ,
æппæт уыдон уын рагагъоммæ
исты Æз нæ дзырдтон?
Мæн йеддæмæ чи у Хуыцау?
Æндæр Къæдзæх нæ зонын Æз».

9Гуымирытæ чи аразы, уыдон иууыл-
дæр ницæйæгтæ сты. Афтæ уарзон сын чи
у, уыдонæй æппындæр кæй ницы пайда ис,
уымæн сæхæдæг æвдисæн. Сæ гуымирытæ
ницы уынынц æмæ ницы зонынц. Уымæ
гæсгæ сыл худинаджы ном сбаддзæн. 10Чи
аразы йæхицæн хуыцау æмæ, бынтондæр
пайда кæмæй нæ уыдзæн, уыцы гуымиры
джиппы чи уадзы? 11Чидæриддæр æм баку-
ва — æнæмæнг фегад уыдзысты, уымæн æмæ
уыцы гуымиры саразæг адæймаг у. Уæдæ
уыцы адæм иумæ æрæмбырд уæнт æмæ
тæрхоны раз æрлæууæнт. Фæтæрсдзысты
æмæ сæ худинаджы кой айхъуысдзæн.
12Дæсны куырд æфсæйнаджы мур райсы,
зынджытыл æй æртайын кæны æмæ йæ
дзæбугæй хойын райдайы. Йе ’ппæт хъару-
тæ йыл бахардз кæны, бафæллайы, бастайы,
къæбæр æмæ доны хъæстæ нæ фæвæййы,
цалынмæ уыцы æфсæйнаджы мурæй фæрæт
саразы, уæдмæ.
13Хъæддæсны синагæй рабары æмæ цыр-
гъагæй æрхæххытæ кæны хъæды лыггагыл,
стæй йæ сартæй къахын райдайы, цалынмæ
дзы адæймаджы аив сурæт рауайы, уæдмæ.
Уый фæстæ йæ кувæн бынаты сæвæры. 14Уы-
цы сурæт саразыны тыххæй ракалы кедр, йе
та равзары тулдз кæнæ æндæр исты фидар
бæлас, йе та ныссадзы нæзы бæлас æмæ
банхъæлмæ кæсы, цалынмæ йын хъæды
бæлæсты æхсæн уарынтæм дзæбæх нæ сы-
рæзы, уæдмæ. 15Адæймаг уыцы бæлæстæн
сæ сугæй арт скæны йæхи батавын æмæ дзул
сфыцынæн, иннахæм — уыцы бæлæстæн
сæ хъæдæй скæны хуыцауы сурæт, цæмæй
æрзоныг кæна йæ разы æмæ гуымирымæ
кува. 16Афтæмæй бæласæн йæ иу хай æрцæ-
уы арты сыгъд, æмæ адæймаг уыцы артыл
йæхицæн сфыцы дзидза, скæны физонæг. Йæ
фаг куы бахæры æмæ куы бахъарм вæййы,
уæд фæзæгъы, куыд дзæбæх бахъарм дæн
арты фарсмæ, зæгъгæ. 17Хъæдæрмæгæй ма
цы баззайы, уымæй та адæймаг йæхицæн
скæны гуымиры æмæ йæм йæ уæрджытыл
бакувы, ды мæ хуыцау дæ æмæ мæ фервæ-
зын кæн, зæгъгæ.
18Ахæмтæ æппындæр ницы зонынц æмæ
æмбарынц: Уый сын сæхгæдта сæ цæстытæ,
цæмæй ма уыной, сæ зæрдæтæ — цæмæй ма
хатой. 19Ахæм адæймагæн йæ хъуыдыйы
дæр нæй, нæ зоны æмæ не ’мбары, науæд
зæгъид: «Уый цы ми кæнын? Бæласæн йе
’мбис арты басыгътон, зынгыл сфыхтон дзул,
скодтон физонæг æмæ бахордтон. Цы ма
дзы баззади, уымæй та ацы æлгъаг дзаума
куыд аразын? Куыд хъуамæ бакувон хъæды
лыггагмæ?»
20Раст цыма, дымгæ цы рыг систа, уый
фæсте суры æмæ йæ æрцахсынмæ хъавы.
Йе ’дылы зондæй йæ фæндагæй адзæгъæл
ис. Куыд фервæза, уый нæ зоны, æмæ йæ бон
нæу зæгъын: «Уый мæ къухы æцæгдзинадæй
куы ницы ис!»

21 Дунедарæг зæгъы:
«Уæ зæрдыл æй бадарут, Йаковы
байзæддæгтæ,
Израилы адæм, Мæ цагъартæ кæй
стут,
уый уæ рох ма уæд.
Æз уæ сфæлдыстон, Мæ цагъартæ
стут.
Мæнæй рох никуы уыдзынæ, Израил.
22 Мигъау уын æрбайсæфтон уæ
азымтæ,
æврагъау — уæ тæригъæдтæ.
Раздæхут Мæм — Æз уæ Ирвæзынгæ-
нæг дæн».

23 Цингæнгæ зарут, уæлæрвтæ!
Цинхъæр кæнут, зæххы æрфытæ,
фæзмæнт уæ, заргæ,
хæхтæ æмæ хъæды æппæт бæлæстæ!
Уымæн æмæ Дунедарæг
ссæрибар кодта Йаковы
байзæддаджы,
Израилы руаджы
Йæхи æргом кæны, тæмæнкалгæ.

24 Афтæ зæгъы Дунедарæг,
уæ мады гуыбыны уæ Чи равзæрын
кодта, Уый,
уæ Ирвæзынгæнæг:
«Æз Дунедарæг дæн,
æппæт дæр Чи сфæлдыста, Уый.
Уæлæрвтæ Æз айтыгътон,
Зæхх Мæ хъомысæй Æз æрцарæзтон.
25 Мæнгпехуымпарты Æз багæды
кæнын,
дæсныфæрсджытæй æдылытæ
аразын,
куырыхонтæн сæ зонд сафын.
26 Мæ цагъарæн сфидар кæнын
йæ пехуымпар ныхас,
сæххæст кæнын Ме 'рвыст лæгты
дзырд.
Ныр Йерусалимæн зæгъын,
дæ мидæг та æрцæрæнт адæм,
зæгъгæ.
Иудейы сахартæн дæр зæгъын,
ногæй та арæзт æрцæуддзыстут,
уæ кæлддзæгты бынаты
ног хæдзæрттæ сараздзынæн,
зæгъгæ.
27 Æнæбын денджызæн зæгъын: „Басур
у,
дæ уылæнтæ дын байсысын
кæндзынæн“.
28 Кирæн зæгъын:
„Мæ адæмæн фыййау уыдзынæ“.
Уый Мын сæххæст кæндзæни
Ме 'ппæт фæндтæ дæр.
Йерусалимæн зæгъдзæни:
„Ногæй дæ рацараздзысты!“
Кувæндонæн зæгъдзæни:
„Амад æрцæудзынæ!“»

**45** Дунедарæг зæгъы Йæ байсæрст
Кирæн:
«Æз дын дæ рахиз къухыл фидар
хæцдзынæн.
Дæ дæлбар дын бакæндзынæн
адæмты,
паддзæхтæн байсдзынæн сæ хъомыс
æмæ-иу дын байгом кæндзынæн алы
дуар,
алы кулдуар.
2 Мæхæдæг цæудзынæн дæ разæй
æмæ дын дæ развæндагыл
зæххæмвæз скæндзынæн алы хох,
ныссæтдзынæн алы æрхуы дуар,
ныппырх сын кæндзынæн
се 'фсæн æхгæнæнтæ.
3 Дæ къухмæ ратдзынæн дунейы мулк,
арф æмбæхст хæзнатæ.
Æмæ уæд фендзынæ,
Æз Дунедарæг кæй дæн, Израилы
Хуыцау,
æмæ дæм дæ номæй кæй дзурын, уый.
4 Нæ Мæ зыдтай, фæлæ дæм Æз
Мæ цагъартæ æмæ Ме 'взæрстыты —
Йаковы байзæддаджы, Израилы адæ-
мы сæраппонд —
фæсидтæн дæ номæй
æмæ дæ скадджын кодтон.
5 Æз Дунедарæг дæн,
Мæн йеддæмæ Хуыцау нæй.
Æмæ дын Æз радтон паддзахы бартæ,
кæд Мæ нæ зыдтай, уæддæр.
6 Уадз æмæ
скæсæнæй ныгуылæнмæ иууылдæр
базоной,
Мæн йеддæмæ æндæр Хуыцау кæй
нæй, уый.
Æз — Дунедарæг.
7 Æз фæлдисын рухс дæр æмæ тар дæр.
Фарн дæр æмæ фыдбылыз дæр
Мæнæй рацæуынц.
Æз Дунедарæг дæн,
æппæт уыдæттæ Чи аразы, Уый.

8 Уæлейæ дæлæмæ
арвæй зæхмæ æркæлæд раст тæрхон!
Æрцæуæд сæрибары дуг!
Иумæ суадзæнт тау
раст тæрхон æмæ сæрибар!
Уыдæттæ фæлдисын
Мæхæдæг — Дунедарæг!»

9 Додой йæ къона,
йе Скæнæджы ныхмæ чи рацæуы,
домгæ Йæ чи кæны!
Уый ницы у, дурыны саст
æмæ зæххы рыджы йеддæмæ.

Æлыджы мур
куыд хъуамæ бафауа дурынгæнæджы,
уый цы ми кæныс, зæгъгæ?
Дурын дæр йæ саразæгæн

куыд хъуамæ бафидис кæна,
къухтæ дын нæй, æви, зæгъгæ?
10 Додой йæ къона,
йæ фыдæн афтæ чи зæгъы,
дунейы рухс мын цæмæн фенын
кодтай,
йæ мадæн та —
цæмæн мæ ныййардтай, зæгъгæ!

11 Афтæ зæгъы Дунедарæг,
Израилы Стыр Хуыцау, йе
Сфæлдисæг:
«Мæ адæм цы бауыдзысты,
уый тыххæй Мæ цы фæрсут
æмæ Мын цы амонут,
Мæхи сфæлдыстæн цы кæнон, уый?
12 Æз сарæзтон зæхх,
сфæлдыстон ыл адæймаджы.
Мæхи къухтæй айтыгътон уæларвтæ
æмæ уæларвæфсадæн бафæдзæхстон
Ме 'гъдау æххæст кæнын.

13 Æз басидтæн Кирмæ,
сразæнгард æй кодтон
Мæ фæнд сæххæст кæнынмæ
æмæ йын йæ развæндаг слæгъз
кæндзынæн.
Уый Мын ногæй сараздзæни Мæ
сахар,
уацарæй ссæрибар кæндзæни Мæ
адæмы,
мызд æмæ лæвæрттæ
нæ бацагурдзæн, афтæмæй», —
зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг.

14 Дунедарæг загъта:
«Мысыры фæллæйттæ дæр,
стæй, Эфиопийы сæудæджерты къухы
цы мулк бафтыд, уыдон дæр
сымахæн лæвæрд æрцæудзысты, Мæ
адæм,
æмæ, севайæгтæ, бæзæрхыг адæм,
уæ цагъартæ суыдзысты,
æрбацæудзысты уæм рæхысбæстытæй
æмæ уæ разы æрзоныг кæндзысты.
Уæ Хуыцаумæ уын скувдзысты
æмæ зæгъдзысты,
æрмæстдæр сымахæн ис Хуыцау
æмæ Уый йеддæмæ
æндæр Хуыцау нæй, зæгъгæ».

15 Ды æцæгдæр Хуыцау дæ,
цæстæй фенæн Кæмæн нæй, Уый,
Израилы Хуыцау, Ирвæзынгæнæг.
16 Æмæ, гуымирытæ чи аразы,
уыдоныл се 'ппæтыл дæр худинаджы
гакк сбаддзæн,
аллайаг фæуыдзысты
æмæ æрæджиау сæхиуыл
æрхуддзысты,
афтæмæй бабын уыдзысты.
17 Фæлæ Дунедарæг мыггагмæ
фервæзын кæндзæн Израилы адæмы.
Тъымы-тъыматæм дæр никуы фегад
æмæ фæхудинаг уыдзысты.

18 Дунедарæг Хуыцау
сфæлдыста арв æмæ зæхх.
Зæххыл æрæвæрдта Йæ фидар æгъдау.
Афтидæй йæ нæ ныууагъта,
фæлæ йын сныв кодта,
цæмæй йыл æрцæрой Йе сконд адæм.
Æмæ уыцы Хуыцау зæгъы:
«Æз Дунедарæг дæн,
Мæн йеддæмæ ничи у Дунедарæг.
19 Сусæгæй кæнæ талынг рæтты
никуы дзырдтон.
Йаковы хæдзарвæндагæн нæ
дзырдтон,
дзæгъæлы Мæ агурут, зæгъгæ.
Æз Дунедарæг дæн, рæстдзинад Чи
дзуры
æмæ æцæгдзинад Чи æргом кæны,
Уый.

20 Æрцæут, æрбамбырд ут иууылдæр,
адæмтæй ма сæрæгасæй чи баззади,
уыдон!
Æнæфенд сты,
йæ хъæдын хуыцаугонды
йæ дæларм чи рахæсс-бахæсс кæны
æмæ, адæймаджы ирвæзын
цы хуыцау нæ кæны, уымæ
кувджытæ.
21 Уæ кæрæдзийы афæрсут,
баныхас кæнут æмæ Мын зæгъут,
абон цытæ цæуы,
уый тыххæй незаманты рагацау чи
загъта,
Уый Æз — Дунедарæг — нæ уыдтæн,
æви?
Мæн йеддæмæ ничи у Хуыцау —
рæстæвзар æмæ ирвæзынгæнæг
Хуыцау.
22 Уе 'ргом Мæм раздахут, æппæт
дзыллæтæ,
æмæ фервæзат, уымæн æмæ Æз дæн
Хуыцау,
Мæн йеддæмæ æндæр Хуыцау нæй.
23 Мæхицæй сомы кæнын,

Мæ дзыхæй рæстдзинад кæй цæуы
æмæ Мæ дзырдæн аивæн кæй нæй,
уый тыххæй:
Мæ разы æрзоныг кæндзæн алы
адæймаг,
алы æвзаг сомы кæндзæни Мæнæй.
24 Мæн тыххæй дзурдзысты,
æрмæстдæр Дунедарæгмæ ис
рæстдзинад
æмæ хъомыс, зæгъгæ».

Дунедарæгмæ фыдгулы цæстæй чи
каст,
уыдон иууылдæр æрхуддзысты
сæхиуыл
æмæ Йæм æрбацæудзысты.
25 Уый сраст æмæ скадджын кæндзæн
Израилы байзæддæгты се ʼппæты дæр.

46 Йæ уæрджытыл æрхауд Бел,
афæлдæхти Нево.
Хуыцаугæндты хайуантыл сæвæрдтой
æмæ сæ аластой.
Раздæр уæхæдæг кæй хастат,
уыдон æгæр уæззау разындысты
фæллад хайуантæн.
2 Афæлдæхтысты мæнг хуыцæуттæ,
сæхи нал фæрæзтой æмæ сæ
уæрджытыл
æрхаудысты дыууæйæ дæр,
æмæ афтæмæй уацармæ ласт
æрцыдысты.

3 Дунедарæг зæгъы:
«Æрбайхъусут-ма, Йаковы
хæдзарвæндаг,
Израилы адæмæй ма сæрæгасæй чи
баззади,
уыдон иууылдæр!
Гуыргæ-гуырын Мæ къухтæм кæй
райстон,
сæ райгуырдæй фæстæмæ
Мæ къухтыл кæй хæссын, уыдон.
4 Уæ зæронды бонтæм дæр
Æз уыцы Хуыцау уыдзынæн,
уæ сæрыхил куы сурс уа,
уæд дæр уыл Æз ауддзынæн.
Æз уæ сфæлдыстон,
æмæ уыл Æз Мæ арм дардзынæн,
ауддзынæн уыл æмæ уæ хиздзынæн
фыдбылызæй.

5 Кæй халдих Мæ схондзыстут?
Кæимæ Мæ абардзыстут,
мæнæ уый æнгæс у, зæгъгæ?

6 Сæ чыссæтæй скалынц сæ сыгъзæринтæ,
тæразыл абарынц æвзист æмæ баххуырсынц
згъæртайынгæнæджы, цæмæй сын сæ скæна
хуыцау. Сæ хуыцау куы сцæттæ вæййы, уæд
йæ разы сæ зонгуытыл æрхауынц æмæ йæм
бакувынц. 7 Уый фæстæ йæ сæ уæхсчытыл
ахæссынц æмæ йæ æрæвæрынц, рагацау
ын цы бынат æрцæттæ кæнынц, уым. Уый
фæлæууы æнцад, йæ бынатæй æнкъуысгæ
дæр нæ кæны, адон æм хъæрахст кæнынц,
фæлæ сын уый ницы дзуапп ратты, фыдбы-
лызæй сæ нæ фервæзын кæны.

8 Æмæ уыдæттæ ма рох кæнут,
хивастытæ,
уæ зæрдыл сæ дарут!
9 Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут,
тæккæ райдианы, незаманты,
цытæ сарæзтон, уый.
Æз Хуыцау дæн,
Мæн йеддæмæ нæй Хуыцау,
Мæн хуызæн никуы ис æндæр.
10 Исты æрцæуинаг хабары тыххæй
дзæвгар раздæр фæзæгъын,
ахæм æмæ ахæм хабар æрцæудзæни,
зæгъгæ.
Æз кæддæриддæр сæххæст кæнын
Мæ фæнд,
Мæ мидзæрдæйы цы фæзæгъын, уый.
11 Скæсæнæй, дард бæстæй,
фæсидтæн цæргæсмæ,
Мæ фæнд Мын чи сæххæст кæндзæн,
уыцы лæгмæ.
Æз, рагагъоммæ цы загътон,
уый сæххæст кæндзынæн,
цы скарстон, уымæн æнæ ʼрцæугæ нæй.
12 Æрбайхъусут-ма Мæм, хивастытæ,
йæ амондæй дардмæ чи лидзы,
уыдон:
13 уæ сæрибары дуг уын æрбаввахс
кодтон,
дард нал у.
Рæхджы рахæцдзынæн
Сионы хохы сæраппонд,
Израил суыдзæни Мæ фæлындæн.

47 Дæ паддзахы бадæнæй æрхиз,
æнæрцæф æхсин Вавилон,
æмæ рыджы сбад зæххыл, Халдейы
чызг.
Нырæй фæстæмæ дæ нал хондзысты
тæнтъихæг æмæ буцхаст.
2 Æрмгуыроймæ æрæвнал æмæ ссын
райдай!
Дæ кæрдæн сис,

дæ фæччитыл схæц,
дæ уæрджытæ байгом кæн
æмæ дæтты сæрты хиз!
3 Уадз æмæ дæ буар разына,
æмæ дын дæ худинаг уыной.
Æз Мæ маст райсдзынæн,
никæуыл бацауæрддзынæн».

4 Нæ Ирвæзынгæнæг — Израилы Стыр
Хуыцау,
Йæ ном — Уæларвæфсады Бардарæг.

5 «Æнæ хъыпп-сыппæй бад, Халдейы
чызг,
ауонмæ айс дæхи.
Амæй фæстæмæ дæ нал хондзысты
паддзахæдты æхсин.
6 Æз смæсты дæн Мæ адæммæ,
уыдоны, Мæ исбон, фидиссаг
фæкодтон
æмæ дын сæ афтæмæй радтон дæ
къухмæ.
Ды сыл ницæмæй бацауæрстай —
зæрæдтыл дæр ма дæ уæззау æфсондз
сæвæрдтай.
7 Дзырдтай, æнусмæ уыдзынæн æхсин,
фæлæ, райсом цы уыдзæни,
ууыл хъуыды дæр нæ кодтай.

8 Уæдæ Мæм ныр æрбайхъус,
буцахуыр, æнæмæт æхсин,
афтæ чи зæгъы: „Мæнæн æмбал нæй,
æз идæдзæй никуы баззайдзынæн,
мæ цот мæ разæй мæрдтæм нæ
бацæудзысты“.
9 Уыцы бæллæхтæ æмбойны
дæ хай уыдзысты:
дæ цот æмæ дæ мойы быныл
баззайдзынæ.
Дæ бирæ хинтæ æмæ кæлæнтæ дæр
дын
ницыуал баххуыс уыдзысты.

10 Фыдмитæ кодтай æмæ ницæмæй
тарстæ,
дзырдтай, ничи мæ уыны, зæгъгæ.
Дæ куырыхон зонд æмæ дæ
дæ зонындзинæдтæ фæсайдтой,
дæ мидзæрдæйы, мæнæн æмбал нæй,
зæгъгæ,
куы дзырдтай, уæд.
11 Фæлæ фыдбылызы амæттаг
бауыдзынæ.
Зонгæ дæр æй нæ бакæндзынæ,
кæцæй дæм фæзындзæн, уый.
Дæ фæсонæрхæджы дæр нæй,
ахæм бæллæх дыл æрцæудзæн
æнæнхъæлæджы.
12 Гъемæ уæдæ кæлæнтæ кæн
æмæ дæсны фæрс,
де 'взонгæй нырмæ уыцы куыстыл
ахуыр дæ.
Чи зоны æмæ дын исты ахъаз фæуой,
æмæ дæ исчи фæтæрса.
13 Дæ уынаффæгæнджытæй пайда нæй,
æмæ ныр та, арв чи сгары, уыдон —
стъалыдæснытæ — æрбалæууæнт дæ
уæлхъус
æмæ дæ хизæнт фыдбылызæй,
æрцæуинаг дыл цы у,
уый мæйногмæ гæсгæ дзургæйæ.

14 Фæлæ уыдон хъæмпæй уæлдай не
сты:
арты басыгъдысты,
сæхи дæр нæ бахызтой артæй.
Зынджы мур дæр нал аззад хи ахъарм
кæнынæн,
артæн йæ кой дæр нал ис
йæ фарсмæ абадынæн.
15 Ахæм пайда дын фæуыдзысты,
де 'взонгæй фæстæмæ кæимæ
куыстай,
сæудæджергæнгæйæ, уыдон.
Алчи сæ къæмдзæстыгæй
йæ фæндагыл ацæудзæн,
дæ мæт сæ нæ уыдзæн».

**48** Æрбайхъусут, Йаковы байзæддæгтæ,
Израилы ном чи хæссы
æмæ Иудæйы артæй рацæугæ чи у,
уыдон!
Сымах ард фæхæрут Дунедарæгæй,
уæ Хуыцауыл нымайут Израилы
Хуыцауы,
фæлæ Йыл не стут иузæрдион,
не стут рæстгæнæг.
2 Дзурут, зæгъгæ, уаз сахарæй
рацыдыстæм
æмæ нæ зæрдæ дарæм Израилы
Хуыцауыл.
Йæ ном — Уæларвæфсады Бардарæг.

3 Рагацау цы дзырдтон,
Мæ дзыхæй цы рацыди, уый сæххæст.
Ныр дæр, цы фæзæгъын,
уый сæххæст вæййы уайтагъд.
4 Хиваст стут, уый зыдтон:
уæ бæрзæйы нуæрттæ — æндон,
уæ ных — æрхуы.

5 Æмæ уын уымæн дзырдтон
рагагъоммæ,
цæмæй афтæ ма зæгъат,
уыцы хъуыддаг нæ гуымирытæ
сарæзтой,
хъæд æмæ æфсæйнагæй кæй скодтам,
уыдон.
6 Мæ ныхæстæ кæй сæххæст сты,
уымæн уæхæдæг — æвдисæн,
уæдæ куыннæ сæттут?

Ныр та Æз рагацау зæгъын,
сымахæй æмбæхст чи у,
чи нæма раргом, уыцы фидæны
тыххæй.
7 Уыцы хабар раджы дæр
æмæ æрæджы дæр не 'рцыди,
фæлæ æрцæудзæни рæхджы,
уымæ гæсгæ йæ сымах нæма
фехъуыстат
æмæ уæ бон зæгъын нæу,
нæхæдæг дæр æй зыдтам, зæгъгæ.

8 Сымах ницы фехъуыстат,
ницы зыдтат уый тыххæй.
Æцæг, уæ хъустæ рагæй нырмæ дæр
æхгæд сты.
Æз рагацау зыдтон, фæлитой кæй стут,
суанг уæ мады гуыбынæй
фыдзыкъуыр кæй рахастат, уый.

9 Фæлæ Мæ ном æмæ Мæ кады
сæраппонд
урæдтон Мæ маст, хæцыдтæн
Мæхиуыл
æмæ уæ нæ бабын кодтон.
10 Ныр уæ батайын кодтон,
фæлæ æвзисты хуызæн нæ —
хъизæмæртты куынцгомы уæ
сфæлтæрдтон.
11 Мæхи сæраппонд,
æрмæстдæр Мæхи сæраппонд
ирвæзын кæнын сымах —
Мæ ном фегад кæнын нæ
бауадздзынæн.
Мæ кад никæмæн ратдзынæн.

12 Æрбайхъусут Мæм, Йаковы
байзæддæгтæ,
кæмæ фæсидтæн, уыцы Израил!
Уый Æз дæн! Æз — Фыццаг,
æмæ Æз — Фæстаг!
13 Æз æрæвæрдтон зæххы бындуртæ,
уæлæрвтæ дæр айтыгътон Мæ
къухæй.
Фæсиддзынæн сæм — æмæ иумæ
æрлæудзысты Мæ разы.

14 Уе 'ппæт дæр æрбамбырд ут æмæ
байхъусут!
Мæн йеддæмæ рагацау чи фехъусын
кодта,
ныр цы æрцæудзæн, уый?
Æз ацы лæджы бауарзтон
æмæ Мын уый сæххæст кæндзæни Мæ
фæндон —
Вавилонæн цы тæрхон рахастон, уый.
Халдейæгтæн фенын кæндзæни Мæ
хъомыс.
15 Æз Мæхæдæг рагацау загътон уый
тыххæй,
фæсидтæн æм æмæ йæ скæндзынæн
уæлахиздзау.
16 Æрлæуут-ма Мæ разы æмæ
байхъусут!
Райдианы дæр Æз æргом дзырдтон.
Уыцы цауты райдианæй фæстæмæ
Æз уым дæн.
Ныр мæ Йæ фæдзæхст
сæххæст кæнынмæ æрвитынц
Дунедарæг Хуыцау æмæ Йæ Уд.

17 Афтæ зæгъы Дунедарæг,
уæ Ирвæзынгæнæг, Израилы Уаз
Хуыцау:
«Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау,
æмæ уæ размæ хонын уæ царды
фæндагыл,
ахуыр уæ кæнын,
ахъаз уын цы фæуыдзæн, ууыл.
18 Тæхуды æмæ Мын Мæ фæдзæхстытæ
куы æххæст кодтаиккат!
Уæд уæ амонд ивылдаид фурдау,
уæ фарн та — абухгæ денджызау.
19 Даргъ-уæрæх ацыдаид уæ мыггаг,
денджызы змисау
ныббирæ уыдаид уæ байзæддаг
æмæ сæфты къахыл нæ
ныллæууыдаиккой,
никуы фесæфтаид Мæ разы сæ ном».

20 Рацæут Вавилонæй,
лидзгæ кæнут халдейæгтæй,
цинимæ хъусын кæнут ацы фарны
уац,
хæццæ йæ кæнут зæххы цъары алы
кæрæттæм,
дзурут: «Дунедарæг фервæзын кодта
Йæ цагъары,
Йаковы байзæддаджы!»

21 Дунедарӕг сӕ кӕны сыгъд быдыртыл,
фӕлӕ дойныйӕ нӕ мӕлынц —
дуры гуыбынӕй дӕр рауадзы дон,
акъӕртт сын кӕны айнӕг къӕдзӕх,
ӕмӕ дзы дон фемӕхсы!

22 «Ӕнаккӕгтӕ ӕнцой нӕ
фендзысты!» —
зӕгъы Дунедарӕг.

**49** Ӕрбайхъусут мӕм, денджызгӕрон
сахартӕ,
лӕмбынӕг ӕрбайхъусут, дардбӕстаг
адӕмтӕ!
Дунедарӕг мӕм фӕсидти мӕ мады
гуыбынмӕ,
дунейы рухс нӕма федтон,
афтӕ мӕм сдзырдта мӕ номӕй.
2 Радта мын цыргъ ӕвзаг,
карды комы хуызӕн,
ӕмӕ мӕ Йӕ дӕлбазыр бакодта.
Саразта мӕ цыргъ фат
ӕмӕ мӕ Йӕ фатдоны бафснайдта.

3 Загъта мын: «Ды Мӕ цагъар дӕ,
Израил,
дӕ фӕрцы скадджын кӕндзынӕн
Мӕхи».
4 Ӕз та ӕнхъӕлдтон,
дзӕгъӕлы тухӕнӕй марын мӕхи,
мӕ хъарутӕ ӕнӕхъуаджы хардз
кӕнын.
Фӕлӕ мӕ Дунедарӕг сраст
кӕндзӕни,
хорз мын ракӕндзӕни мӕ Хуыцау.

5 Ныр мын, мӕ мады гуыбыны мӕ
Чи равзӕрын кодта ӕмӕ мӕ уӕдӕй
фӕстӕмӕ
Йӕхицӕн лӕггадгӕнӕг Чи скодта,
уыцы Дунедарӕг фӕдзӕхсы,
цӕмӕй Йӕм раздахон Йаковы
байзӕддаджы,
ӕрбакӕнон Ӕм Израилы адӕмы.
Ӕз кадджын дӕн Дунедарӕджы
цӕсты.
Мӕ Хуыцау мӕ скодта хъомысджын.

6 Загъта мын:
«Ды — Мӕ лӕггадгӕнӕг,
фӕлӕ ма, уымӕй уӕлдай,
Ды Йаковы раздӕры хъомыс
раздахдзынӕ.
Ӕз афтӕ бакӕндзынӕн,
ӕмӕ ды рухс суыдзынӕ адӕмтӕн,
цӕмӕй, Мӕнӕй цы ирвӕзындзинад
рацыд,
уый аххӕсса зӕххы кӕрӕттӕм».

7 Афтӕ зӕгъы Дунедарӕг,
Израилы Ирвӕзынгӕнӕг, се Стыр
Хуыцау,
Йе 'фхӕрд адӕмӕн,
иннӕ адӕмтӕ кӕй ницӕмӕ дарынц,
ӕлгъ кӕуыл кӕнынц,
тыхгӕнджыты цагъар чи у, уыдонӕн:
«Паддзӕхтӕ фендзысты,
кӕй ссӕрибар стут, уый
ӕмӕ уӕ разы ӕрлӕудзысты.
Ӕлдӕрттӕ уын бакувдзысты
иузӕрдион Дунедарӕджы фӕрцы,
сымах Чи равзӕрста, уыцы Стыр
Хуыцауы,
Израилы Стыр Хуыцауы фӕрцы».

8 Афтӕ зӕгъы Дунедарӕг Йӕ цагъарӕн:
«Ӕрцӕудзӕн ахӕм фарны заман,
фервӕзыны бон,
ӕмӕ Дӕ Ӕз фехъусдзынӕн
ӕмӕ Дын баххуыс кӕндзынӕн.
Ӕз Дӕ бахиздзынӕн фыдбылызӕй,
Мӕ адӕмӕн скӕндзынӕн Мӕ фидыд.
Ды сӕ ногӕй ӕрцӕрын кӕндзынӕ
сӕ гӕныстоны зӕххыл,
байуардзынӕ сын цӕрӕнуӕттӕ, сӕ
бынтӕ.
9 Ахӕстытӕн зӕгъдзынӕ,
ӕддӕмӕ рацӕут, зӕгъгӕ,
тары чи бады, уыдонӕн зӕгъдзынӕ,
рухсмӕ рацӕут, зӕгъгӕ.

Сӕ фӕндагыл ницы хъуаг
баййафдзысты,
суанг уӕлвӕзты дӕр ницӕуыл
батыхсдзысты.
10 Нӕ мӕлдзысты стонг ӕмӕ дойныйӕ,
хур дӕр сӕ нӕ судздзӕн.
Уымӕн ӕмӕ сын Ӕз тӕригъӕд
кӕндзынӕн,
хондзынӕн сӕ Мӕ фӕдыл
ӕмӕ сӕ кӕндзынӕн суадӕтты
цурмӕ.
11 Сӕ фӕндагыл сын
ӕмраст-ӕмлӕгъз скӕндзынӕн хӕхтӕ.
12 Уыдон ӕрбацӕудзысты
дунейы алы кӕрӕттӕй: дард
скӕсӕнӕй,
цӕгатӕй, ныгуылӕнӕй — денджызы
'рдыгӕй
ӕмӕ хуссарӕй — Синимы зӕххӕй».

13 Цин кæн, уæларв!
Цинæй рай, зæхх!
Цинхъæр кæнут, хæхтæ!
Дунедарæг барæвдыдта Йæ удхайраг адæмы,
батæригъæд сын кодта.

14 Ныр Сионы сахары адæм та дзырдтой,
Дунедарæг нæ ныууагъта,
Нæ Хуыцауæй ферох стæм, зæгъгæ.
15 Фæлæ Дунедарæг загъта:
«Мад йæ дзидзидай хъæбулы
куыд хъуамæ ферох кæна,
куыннæ хъуамæ фæтæригъæд кæна,
цы сабийы ныййардта, уымæн?
Чи зоны æмæ уый ферох кæна йæ сабийы,
фæлæ Æз нæ ферох кæндзынæн сымах.
16 Дæ ныв дын скодтон, Йерусалим,
Мæ армытъæпæнтыл.
Дæ систæ æдзух лæууынц Мæ цæсты раз.
17 Дæ цæрджытæ дæм батагъд кæндзысты,
цæмæй дæ ног саразой,
дæ халджытæ æмæ дæ гæныстонгæнджытæ та
ацæудзысты, сæхи дæ айсдзысты.
18 Алырдæм-ма афæлгæс!
Дæ адæм дæм æмбырд кæнын байдыдтой.
Цардæгас дæн Æз, — зæгъы Дунедарæг, —
фæлындæнтау бацин кæндзынæ
се 'ппæтыл дæр,
ног чындзау сæ сфæлынддзынæ дæхи.

19 Дæ хæлддзæгтæ, дæ заууаты зæхх
ныр фæкъуындæг уыдзысты уыдонæн,
дæ гæныстонгæнджытæн та дæ арæнтыл
сæ кой, сæ хъæр дæр нал уыдзæн.
20 Ды уыдтæ, йæ цот кæмæн бабын сты,
уыцы сылгоймаджы хуызæн.
Фæлæ дæм рæхджы дæ ног цот — ног адæм —
хатдзысты, ам нын къуындæг у
æмæ нын цæрынæн зæххытæ ратт, зæгъгæ.
21 Ды дæхинымæр дзурдзынæ,
адоны мын чи ныййардта,
мæ цот куы бабын сты,
æмæ æнæзæнæг куы уыдтæн, зæгъгæ.
Мæн уацары куы акодтой,
уæд адоны чи схаста?
Æз зыбыты иунæг куы уыдтæн,
уæд адон кæцæй фесты?»

22 Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау:
«Æз Мæ къух фæтилдзынæн адæмтæм,
æрсаддзынæн Мæ тырыса,
цæмæй йæ алы адæмтæ уыной,
æмæ дын дæ фырттæ æмæ дæ чызджыты
сисой сæ къухтæм æмæ се уæхсчытæм
æмæ дын сæ æрбахæссой.
23 Паддзæхтæ дæ æфсаддзысты хойрагæй,
ус-паддзæхтæ дын суыдзысты дыджызæтæ.
Ныллæг дын-иу акувдзысты,
сдæрдзысты дын дæ зæвæтты рыг,
æмæ уæд базондзынæ:
Æз Дунедарæг дæн,
æмæ Мыл йæ зæрдæ чи дары,
уыдон фыдæнхъæл нæ фæуыдзысты».

24 Тыхджыны æфтиаг чи байсдзæни?
Хъомысджыны уацайрæгты чи суæгъд кæндзæни?
25 Дунедарæг зæгъы:
«Хъомысджын уацары кæй акæна,
уыдон сæрибаргонд æрцæудзысты,
тыхджынæн дæр йе 'фтиаг байсдзысты.
Уымæн æмæ дæ фыдгултимæ
Мæхæдæг тох кæндзынæн
æмæ дын фервæзын кæндзынæн дæ фыртты.
26 Де 'фхæрджытæн
бахæрын кæндзынæн сæхи фыд,
бафсаддзынæн сæ сæхи тугæй,
раст цыма ног сæн бануæзтой, афтæ,
æмæ уæд алчидæр базондзæн,
Æз Дунедарæг кæй дæн,
дæ Ирвæзынгæнæг æмæ дæ Сæрибаргæнæг,
Йаковы хъомысджын Хуыцау».

**50** Афтæ зæгъы Дунедарæг:
«Кæд уын Æз уæ мады арвыстон,
уæд кæм ис йæ ахицæны фыстæг?
Кæд уæ Æз ауæй кодтон,
уæд-ма Мын бацамонут,
кæмæй цы хæсджын дæн,
цæмæй йын сымах ауæй кæнон!
Уæдæмæ сымах уæ тæригъæдтæ,

уæ фыдракæндты тыххæй
уæйгонд æрцыдыстут.
2 Куы уæм-иу æрцыдтæн,
уæд-иу уæ Мæ размæ куыд ничи
рацыд?
Куы уæм-иу бадзырдтон,
уæд-иу Мын дзуапдæттæг куыд ничи
фæцис?
Сымах æнхъæл стут,
æмæ Мæ къух фæцыбыр ис,
Æз сæдых дæн æмæ
сымах фервæзын кæнынхъом нал
дæн.
Фæлæ Æз Ме 'ртхъирæнæй
басур кæнын денджыз,
цæугæдæттæ фестын кæнын сыгъд
быдыр,
æмæ сæ кæсæгтæ бамбийынц æнæ
донæй,
дойныйæ ныххæдмæл вæййынц.
3 Æз арв баталынг кæнын,
сæудары сæхъисæй йæ бамбæрзын».
4 Дунедарæг Хуыцау мын радта
куырыхонты æвзаг,
цæмæй-иу æз мæ дзыхы ныхасæй
барæвдауон фæллад лæджы.
Æрвылрайсом мæ райхъал кæны,
цæмæй Йæм зыдæй хъусон
Йæ ахуыргæнинагау.
5 Мæ хъустæ мын байгом кодта,
æмæ Йæм байхъуыстон,
мæхи нæ фæтылиф кодтон.
6 Ме рагъ бадардтон,
нæмгæ мæ чи кодта, уыдонмæ,
мæ роцъо та —
мæ зачъе мын чи тыдта, уыдонмæ.
Мæхи нæ аздæхтон,
хынджылæг мæ чи кодта, уыдонæй,
Мæ цæсгом нæ бамбæрзтон,
тутæ мыл куы кодтой, уæд.
7 Фæлæ Дунедарæг Хуыцау — ме
'ххуысгæнæг.
Æмæ нæ фæкъæмдзæстыг дæн,
мæ цæсгом ныхъхъæбæр кодтон
æхсонау
æмæ нæ фегад уыдзынæн.
8 Æрæвввахс ис мæ Фарсхæцæг,
мæ раст зæрдæйы Æвдисæн.
Чи бахæсдзæн йæ ныфс
мæныл дау кæнынмæ?
Чи æрлæудзæни мемæ тæрхоны раз?
Рацæуæд-ма!
9 Дунедарæг Хуыцау — ме
'ххуысгæнæг.
Чи мæ рафаудзæн?
Се 'ппæт дæр алæбырдзысты
уæлæдарæсау,
ræмпæг сæ бахæрдзæн.
10 Сымахæй чи тæрсы Дунедарæгæй,
чи уæ кæсы Йæ цагъары коммæ?
Йæ фæндаг мæйдары кæмæн у
æмæ рухсы цъыртт чи нæ уыны,
уый йæ зæрдæ дарæд Дунедарæгыл,
ныфсхаст уæд йæ Хуыцауæй!
11 Уе 'ппæтæн дæр, артæндзарджытæ,
судзгæ фаттæй ифтонг чи у,
уыдонæн Дунедарæг зæгъы:
«Бахизут уæ арты цæхæрмæ æмæ,
цы фæттæ ссыгътат, уыдоны
пиллонмæ!
Гъе уый уын уæ хъысмæт — Мæхи
нывгонд.
Уæ адзал уыдзæни æвирхъæу».

# 51

«Æрбайхъусут-ма Мæм,
раст хъуыддæгтæ аразынил йæхи чи
хъары
æмæ Мæнмæ чи кувы, уыдон!
Скæсут-ма,
цы къæдзæхæй уæ æркарстæуыд,
уымæ!
Ныккæсут-ма,
цы донуатæй уæ скъахтæуыд, уымæ
дæр!
2 Бакæсут-ма уæ фыдæл Аврааммæ
æмæ уæ мадæл Саррæмæ!
Аврааммæ куы басидтæн,
уæд æнæбындар уыд,
фæлæ Йын Æз раарфæ кодтон,
æмæ йæ байзæддаг ныббирæ сты.
3 Ныр Дунедарæг барæвдаудзæни Сионы,
ногæй йын рацараздзæни йæ
хæлддзæгтæ,
æдзæрæг быдыр фестын кæндзæни
дзæнæт,
сыгъд быдыр та — Дунедарæджы
дыргъдон.
Цинæй дзы райдзысты адæм,
кад кæндзысты Хуыцауæн
æмæ Йын зардзысты.

4 Æрбайхъусут Мæм, Мæ адæм,
Æрбайхъусут Мæм, Мæ дзыллæ!
Æз уын æрæвæрдзынæн Æгъдау,
Мæ амындтытæ
рухсдæттæг суыдзысты адæмтæн.

5 Мæ рæстдзинад æрæвввахс ис.
Ме 'ххуыс уæм фæхæццæ кæны.
Мæ хъомыс адæмтæн

уыдзæни фидауынгæнæг.
Денджызгæрон сахартæ Мыл
сæхи бафæдзæхсдзысты,
Мæ хъомысæй уыдзысты ныфсджын.
6 Афæлгæсут-ма уæлæрвтыл!
Æркæсут-ма зæхмæ дæр!
Уæлæрвтæ æрбайсæфдзысты
фæздæгау,
зæхх дæр алæбырдзæн дарæсау,
йæ цæрджытæн сыскъуыйдзæни сæ
мыггаг.
Æцæг, Æз цы ирвæзындзинад дæттын,
уымæн йæ фарн нæ фесæфдзæни мыг-
гагмæ дæр,
Мæ рæстдзинадæн сæфæн нæй.

7 Æрбайхъусут Мæм,
Мæ рæстдзинад Мын чи зоны,
Ме 'гъдау йæ зæрдæйы фыст кæмæн
у, уыдон!
Искæй фидистæй ма тæрсут,
искæй æлгъыстытæ уыл тас ма
'фтауæнт!
8 Уæ фыдгултæ бабын уыдзысты,
рæмпæг дарæс куыд бахæры,
къуыдыргалм та — къуымбил, уый
хуызæн».

9 Раст-ма, раст, Дунедарæг!
Равдис Дæ хъомыс!
Раст-ма, раргзаманты-иу куыд растад-
тæ, афтæ!
Ды акъæртт кодтай Рагавы.
Скъуыхтæ кодтай залымы.
10 Басур кодтай денджыз,
йæ бынты йын, йе 'рфыты, айгæрстай
фæндаг,
кæй фервæзын кодтай, уыцы адæмæн.

11 Дунедарæг кæй ссæрибар кæна,
уыдон цингæнгæ æрбаздæхдзысты
Сионмæ,
æнусон цин æнхъæвздзæни сæ
сæрмæ.
Цинæй райдзысты,
мæт æмæ хъынцъымæн та
сæ кой дæр нал уыдзæн.

12 «Æз, Æз Мæхæдæг куы дæн уæ Ныфс,
уæд цæмæй тæрсут адæймагæй,
уый мæлæты фос куы у,
тихалæгæй уæлдай куы ницы у?
13 Цæмæн ферох кодтат Дунедарæджы,
уе Скæнæджы, уæлæрвтæ Чи айтыгъта
æмæ зæхх Чи сарæзта, Уый?
Фыр тæссæй цы ризут тыхгæнджыты
раз,
цы сæ бон у, цы уын ракæндзысты?
Уадз æмæ абухой!
14 Рæхджы ссæрибар уыдзысты
ахæстытæ,
ныггæнды сыдæй нæ амæлдзысты.
15 Уымæн æмæ Æз Дунедарæг дæн,
уæ Хуыцау, денджыз Чи сызмæнты,
Чи йæ сабухын кæны, Уый.
Уæларвæфсады Бардарæг — Мæ ном.
16 Æз айтыгътон уæлæрвтæ
æмæ фидар сарæзтон зæхх.
Æмæ Сионы цæрджытæн зæгъын,
сымах Мæ адæм стут!
Фæдзæхсын уын, адæмы рæгъмæ
куыд хæссат Мæ уынаффæтæ.
Æмæ уæ Æз Мæ базыры бын
бакæндзынæн».

17 Раст-ма, раст, Йерусалимы чызг,
слæуу дæ къæхтыл!
Дунедарæг дын радта Йæ фыдæхы
нуазæн.
Ануæзтай йæ æмæ, цудтытæгæнгæ,
фæцæйцыдтæ дæ адзалы фæндагыл.
18 Цы цот дын рацыд,
уыдонæй ничи æрлæууыд дæ
фарсмæ,
ничи сæ ныххæцыд æнцойæфсон дæ
къухыл.
19 Æрцыди дыл дывæр бæллæх,
æмæ дын чи батæригъæд кæндзæн,
чи дын фæфидар кæндзæни дæ
зæрдæ? —
Бæстæ ныггæныстон ис,
адæмæй та чи сыдæй амарди,
чи кардылæфтыд баци.
20 Дæ цот рафтыдысты,
тигътыл ныффæлдæхтысты
æмæ удхар кæнынц,
сæгуыт ахсæн хызы куыд фæудхар
кæны, афтæ.
Ахæм æвирхъау уавæры сыл
сæмбæлди Дунедарæджы азар,
Хуыцауы фыдæх.
21 Гъемæ уæдæ æрбайхъусут,
сæны хъæстæ чи нæ фæци,
афтæмæй расыгау цух-мухтæ чи кæ-
ны, уыдон!
22 Афтæ зæгъы Дунедарæг, уæ Хуыцау,
Йæ адæмы Мастисæг:
«Уæ къухæй уын фæстæмæ исын Мæ
азар
æмæ Мæ фыдæхы нуазæн.

Нырæй фæстæмæ уын æй нал
дæтдзынæн.
23 Ратдзынæн æй уе 'фхæрджыты
къухмæ,
афтæ уын чи дзырдта,
ныддæлгом ут зæххыл
æмæ уыл къахæй балæгæрдæм.
О, сымах-иу ныддæлгом стут сæ разы,
æмæ-иу уыдон,
надвæдыл цæуæгау,
алæгæрстой уæ чъылдымтыл».

52 Раст-ма, раст, Сион,
æмæ равдис дæ кæддæры хъомыс!
Æрбакæн дæ уæлæ дæ кады
фæлыстытæ,
уаз сахар Йерусалим!
Нырæй фæстæмæ дæ кулдуарæй
мидæмæ
нал бахиздзæн иунæг æнæсунæтгонд
æмæ, чи фæчъизи ис, уый дæр.
2 Дæ рыгтæ 'рцæгъд
æмæ дæхиуыл уæлæмæ схæц,
Йерусалим!
Дæ рæхыстæ де уæнгтæй раппар,
Сионы уацайраг чызг!
3 Уымæн æмæ Дунедарæг афтæ зæгъы:
«Уæйгæнæггаг уæ сæрмæ ницы
райстон
æмæ æлхæнæггаг дæр
уæ сæрыл ницы ратдзынæн,
афтæмæй уæ ссæрибар кæндзынæн».
4 Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы:
«Кæддæр Мæ адæм ацыдысты
Мысырмæ,
цардысты дзы æрцæуæггæгты
цардæй.
Фæстæдæр сын ассириæгтæ дæр
сæ уд сæ хъуырмæ скодтой, æфхæрд-
той сæ.
5 Æмæ Мын цы кæнгæ у ныр?
Мæ адæмы Мын акодтой лæвар,
сæ хицæуттæ дзыназынц, — зæгъы
Дунедарæг, —
æмæ Мын æппынæдзух, æрвылбон
фауынц Мæ ном.
6 Уымæ гæсгæ æрцæудзæн ахæм бон,
æмæ Мæ адæм бамбардзысты,
Æз Чи дæн, уый.
Базондзысты, кæддæр Йæ ном „Æз
дæн“
Чи схуыдта, Уый Æз кæй дæн!»

7 Куыд рæсугъд, куыд аив сты
йæ къахдзæфтæ,
хæхты бæрзæндтыл фарны уац, цины
уац
æмæ сæрибары уац чи хæссы, уымæн!
Сионæн зæгъы: «Дæ Хуыцау дæ Пад-
дзах у!»
8 Дæ хъахъхъæнджытæ сæ хъæлæсы
дзаг
цинхъæр кæнынц,
уымæн æмæ сæхи цæстæй уынынц,
Дунедарæг Сионмæ куыд æрбаздæхы,
уый.
9 Уæлахизы хъæр, цины хъæр кæнут
иумæ,
Йерусалимы хæлддзæгтæ!
Дунедарæг батæригъæд кодта Йæ
адæмæн,
ссæрибар кодта Йерусалим.
10 Дунедарæг Йæ уаз хъомыс равдыста
адæмтæн се 'ппæтæн.
Дунейæн йæ иу кæронæй йæ иннæ
кæронмæ
иууылдæр уыдзысты æвдисæн,
нæ Хуыцау нæ куыд фервæзын кодта,
уымæн.

11 Цæугæут, цæугæут! Рацæут
уырдыгæй!
Уæхи хизут, сыгъдæг цы нæу,
ахæм истæуыл бандзæвынæй!
Æцæгæлон адæмы 'хсæнæй рацæут
æмæ уæхи ссыгъдæг кæнут,
уымæн æмæ Дунедарæджы
Кувæндонæн
йæ мигæнæнтæ сымах хæсдзыстут!
12 Сындæг-иу рацæут,
тындзгæ цыдæй нæ, фæлæ.
Ма-иу разгъорут, уымæн æмæ уыл
разæй дæр
æмæ фæсте дæр
ауддзæни
Дунедарæг,
Израилы Хуыцау.

13 Дунедарæг зæгъы: «Мæ цагъар
суыдзæни куырыхон хъуыддæгтæ
аразæг.
Скадджын уыдзæн, схиздзæн
уæлæмæ,
сбæрзонд уыдзæн.
14 Бирæтæ Йæм кастысты дисгæнгæйæ:
адæймаджы хуызæн дæр нал уыди,
Йæ буар Ын афтæ ныггуылмызтæ
кодтой.
15 Фæлæ Уый стыр дисы бафтаудзæни
бирæ адæмты.

Паддзæхтæ багомыг уыдзысты Йæ
разы,
уымæн æмæ сæхи цæстæй
фендзысты,
цæй тыххæй сын никуыма загъдæ-
уыд, уый,
бамбардзысты,
цы никуыма фехъуыстой, уый».

**53** Махæй цы фехъуыстой, ууыл чи
бауæндыд
æмæ кæмæн раргом ис Дунедарæджы
хъару?
2 Хуыцауы раз Уый байрæзти,
сыгъд быдыры тала
тыхамæлттæй куыд сæвзæры,
йæ хус уидаг фæлурс тау куыд суадзы,
уыйау.
Уындæй диссаг, кондæй æрдхæрæн,
зæгъгæ,
афтæ зæгъæн Дзы нæ уыд.
Федтам Æй, æмæ Йын
нæ цæст Ыл цæмæй
æрæвæрдтаиккам,
ахæм бакаст нæ уыд.
3 Адæм Æй ницæмæ æрдардтой,
сæ чъылдым Æм раздæхтой.
Рис æмæ Йыл низтæ
сæ фæд ныууагътой.
Уæдæ Йыл мах дæр былысчъилтæ
кодтам
æмæ Йæм не ’ргом не раздæхтам,
мисхалы бæрц дæр Ын нæ аргъ
кодтам.

4 Афтæмæй нын Уый райста
нæ рынтæ,
ахаста нын нæ хъыгтæ,
мах та афтæ æнхъæл уыдыстæм,
цыма Йын Хуыцау Йæхи бафхæрдта,
æрцавта Йæ æмæ Йæ удхарæй мардта.
5 Уæззау цæфтæ йыл æруади
нæ фыдракæндты тыххæй,
сау хъизæмар бавзæрста нæ азымы
тыххæй.
Нæ фарны сæраппонд баййæфта
æфхæрд,
фæлæ мах Йæ хъæдгæмтты фæрцы
сдзæбæх стæм.
6 Иууылдæр уыдыстæм дзæгъæл
фыстау,
æмæ нæ алчидæр аздæхт йæхи
фæндагыл,
Дунедарæг та Ууыл сæвæрдта
не ’ппæты азым.
7 Карз Æй æфхæрдтой,
фæлæ Уый æдзæмæй лæууыди,
æргæвдынмæ кæй ракæнынц, уыцы
уæрыккау,
æлвынгæ кæй фæкæнынц, уыцы
фысау.
Хъыпп-сыпп дæр не скодта.
8 Æрцахстой Йæ
æмæ Йын раст тæрхон нæ рахастой.
Айстой Йын Йæ цард,
Йæ адæмы фыдракæндты тыххæй
Йæ амардтой.
О, фæлæ адæмæй
Йæ хъысмæт кæй æндæвта?
9 Куы амарди, уæд Æй
æнаккæгтимæ, фыдгæнджытимæ иу
ран
хъуамæ баныгæдтаиккой,
кæд фыдгæнæг нæ уыд,
кæд Йæ дзыхæй мæнг ныхас дæр
никуы схауди, уæддæр.
10 Дунедарæджы фæндæй уыди Йæ
удхар,
Уый Йын схай кодта хъизæмæрттæ.

Тæригъæды нывондæн Æй куы
æрхæссай,
уæд фендзæни Йæ цоты, бирæ
фæцæрдзæн
æмæ Дунедарæджы фæндон сæххæст
кæндзæн.
11 Бирæ хъизæмæрттæ бавзаргæйæ,
фендзæни рухс æмæ сцин кæндзæн.
Дунедарæг Дзы зæгъы:
«Мæ тæрхоны фæрцы Уый,
Рæстгæнæг, Мæ цагъар,
бирæты сраст кæндзæн,
сæккой сын кæндзæни сæ азым.
12 Уымæ гæсгæ Йын бирæтимæ ратдзы-
нæн хай,
хъомысджынтимæ байуардзæни
æфтиаг,
уымæн æмæ Йæхицæн равзæрста
мæлæт.
Фыдгæнджыты хыгъдмæ Йæ
бахастæуыд,
афтæмæй та Йæхимæ райста
бирæты тæригъæд,
фыдгæнджытæн сси хатыркурæг».

**54** «Сцин кæн, æнæзæнæг,
сывæллон чи никуы ныййардта, уый!
Цинхъæр кæн, арæг сылгоймаджы
хъизæмæрттæ
чи нæ бавзæрста, уый!

Кæй ныууагътой, уымæн фылдæр цот
уыдзæни моймæдзыдæй».
Афтæ загъта Дунедарæг Сионы
сахарæн.
2 «Дæ цатыры бынат фæпарахатдæр
кæн,
йе 'мбæрзæнтæ йын фæуæрæхдæр
кæн,
ма бацауæрд.
Йе 'лвасæн бæндæнтæ йын фæдаргъ-
дæр кæн,
зæгæлмихтæ сæ бынæтты ныффидар
кæн.
3 Дæ байзæддæгтæ сбирæ уыдзысты,
афсæрдзысты хуссармæ æмæ
цæгатæрдæм,
сæ дæлбар бакæндзысты алы адæмты,
æрцæрдзысты гæныстон сахарты».
4 Ма тæрс! Нырæй фæстæмæ
нал хæсдзынæ æгады ном.
Мацæмæйуал æфсæрмы кæн!
Нал дыл сбаддзæни фидиссаджы
ном.
Де 'взонджы худинаг дæ ферох
уыдзæни,
дæ идæдзы бонты фидистæ
дæ зæрдыл дæр нал æрæфтдзысты.
5 Уымæн æмæ Сфæлдисæг — дæ
Сæрыхицау,
Йæ ном — Уæларвæфсады Бардарæг.
Дæ Ирвæзынгæнæг у Израилы Стыр
Хуыцау,
æгас зæххы Хуыцау — афтæ Йæ
хонынц.
6 Ды уыдтæ, удхайраг чи фæвæййы,
ахæм уагъд усы хуызæн.
Фæлæ дæм ныр фæстæмæ сиды
Дунедарæг,
дæ Хуыцау, æмæ зæгъы:
«Фыццаг уарзонил чи бахъоды
кæндзæн?
7 Уысмы бæрц дæ ныууагътон,
фæлæ дæ бирæ уарзын
æмæ дæ æрхондзынæн фæстæмæ.
8 Мæ маст дæм куы ссыгъди,
уæд дыл Мæхи атигъ кодтон,
фæлæ дын ныр мыггагмæ
ныббардзынæн.
Афтæ зæгъы Дунедарæг, дæ
Ирвæзынгæнæг.
9 Нойы заман доны хъаймæт куы фæци,
уæд куыд расомы кодтон,
зæххыл доны хъаймæт нал уыдзæни,
зæгъгæ, афтæ сомы кæнын ныр дæр,
нал дæм смæсты уыдзынæн
æмæ дæм нал бартхъирæн
кæндзынæн.
10 Хæхтæ сæ бынатæй фенкъуысдзысты,
уæлвæзтæ нырриздзысты,
фæлæ дæуæмæ цы хорз зæрдæ дарын,
уымæн ивæн нæй,
цы фарн дын балæвар кодтон,
уымæн та — сæфæн.
Уый дын зæгъын Æз,
уарзгæ дæ Чи кæны, уыцы
Дунедарæг».

11 Уæ, бецау, тымыгъты амæттаг чи
баци,
хъыгæй йемыдзаг чи у, уыцы сахар!
Æз дын дæ сисы дуртæ самайдзынæн
зынаргъ æмæ æнæхæлгæ змæстимæ,
бындур та сын сæвæрдзынæн
сапфирæй.
12 Дæ систы дæндаг-рæгътæ дын
скæндзынæн лалæй,
дæ кулдуæрттæ — изумрудæй,
дæ алыварс быру та дын
сфæлынддзынæн
алы зынаргъ дуртæй.
13 Дæ байзæддæгты дын се 'ппæты дæр
сахуыр кæндзæн Дунедарæг,
æгæрон уыдзæн сæ фарн.
14 «Дæ рæстад сфидар уыдзæн;
æфхæрд цы у, уый нæ базондзынæ,
ферох дæ уыдзæн тас.
15 Бабырсинаг-иу дæм чи уа,
уымæн Æз фæндаг нал ратдзынæн,
æмæ-иу йæхæдæг бабын уыдзæн.
16 Хæцæнгарз саразынæн
арт чи бандзары,
уыцы куырд дæр Ме 'сконд у.
Афтæ — уыцы хæцæнгарзæй
адæмы чи цæгъды, уый дæр.
17 Дæ ныхмæ рацæуыны охыл
хæцæнгарз саразын дæр никæмæнуал
бантысдзæн.
Суанг тæрхоны мидæг дæр дæ
зылынгæнæгæн
дæхæдæг йæхи базылын кæндзынæ.
Ахæм хъысмæт саккаг кодтон Æз
Мæ лæггадгæнæг адæмæн —
Мæхæдæг дзурдзынæн сæ сæрыл
æмæ сæ сраст кæндзынæн», —
зæгъы Дунедарæг.

55 «Дойны кæмæн у — ардæм рацæуæнт
æмæ нуазæнт!
Æхца уæ кæмæ нæй — ардæм рацæ-
уæнт æмæ

лæвар исæнт сæн æмæ æхсыр!
Æхца фидын сын нæ хъæуы.
2 Уе 'взистæй цæмæн дæттут,
къæбæры аккаг уын цы нæу, уый
сæрмæ?
Уæ хъиамæтæй дæр цæмæн фидут,
уе стонг уын цы нæ сафы, ууыл?
Мæ коммæ куы кæсат,
уæд уæ хойраг уыдзæни фæрнæйдзаг,
уæ удтæ æфсаддзыстут хæрзад
хæринагæй.
3 Æрбайхъусут Мæм æмæ Мæм
æрбацæут!
Кæсут Мæ коммæ æмæ цæрат!
Æз мыггагмæ бафидаудзынæн уемæ
æмæ,
Давидæн зæрдæ цы хорзæхтæй
бавæрдтон,
уыдон бахай кæндзынæн сымахæн дæр.
4 Адæмты раз Æз Мæ цагъары
скодтон Ме 'вдисæн,
адæмтæн — фæтæг æмæ зондамонæг.
5 Сымах фæрцы Мæ ныр базондзысты
алы адæмтæ.
Фæдзурдзыстут, кæй нæ зыдтат
æмæ уын уæхи чи нæ зыдта,
уыцы адæмтæм,
æмæ уæм цæудзысты æвæстиатæй,
уымæн æмæ фендзысты,
Æз, Дунедарæг, уæ Хуыцау,
Израилы Стыр Хуыцау,
сымах куыд скадджын кодтон, уый».

6 Агурут Дунедарæджы æмæ Йæ
ссардзыстут,
кувут Æм, уымæн æмæ уæм æрæв-
вахс и!
7 Æнаккаг йæ хъуыддæгтæ ныууадзæд,
хæлд — йæ фæндтæ.
Раздæхæнт Дунедарæгмæ — ныббар-
дзæн сын,
раздæхæнт нæ Хуыцаумæ — бирæба-
раг у Уый.

8 Дунедарæг зæгъы: «Мæ хъуыдытæ
сымах хъуыдыты хуызæн не сты,
сымах гæнæнтæ та — Мæ гæнæнты
хуызæн.
9 Зæххы сæрмæ арв цас бæрзонд у,
уый бæрц бæрзонддæр сты
Мæ гæнæнтæ дæр сымах гæнæнтæй,
Мæ хъуыдытæ та — уæ хъуыдытæй.

10 Къæвда кæнæ мит куы рауары,
уæд арвмæ фæстæмæ нæ аздæхы,
цалынмæ зæххæн йæ дойны басæтты,
уæдмæ.
Æмæ афтæмæй зæхх свæййы
сойджын,
æмæ йыл æрзайы хортæ —
тауинагæн дæр æмæ хойрагæн дæр.
11 Гъе ахæм хъысмæт ис,
Æз цы ныхас фæзæгъын, уымæн дæр.
Пайда не 'рхæсгæйæ Мæм
фæстæмæ нæ раздæхы,
фæлæ Мын сæххæст кæны Мæ
фæндон,
саразы, цæй тыххæй йæ рарвыстон,
уый».

12 Рацæудзыстут цинимæ,
арвитдзысты уæ фарнимæ.
Фæндагыл уын зардзысты
хæхтæ æмæ уæлвæзтæ,
æмдзæгъд уын кæндзысты
быдыры æппæт бæлæстæ.
13 Сындзкъутæры бæсты
æрзайдзæни кипарис,
пысырайы бæсты та — мирт.
Æмæ уый уыдзæни Дунедарæджы
кадæн,
уыдзæни мыггагмæйы æвдисæйнаг,
æнæфехалгæ нысан.

**56** Дунедарæг зæгъы:
«Хæссут раст уынаффæтæ, раст
тæрхон,
уымæн æмæ уæ тагъд рæстæджы
фервæзын кæндзынæн
æмæ уын Мæ рæстдзинад раргом
кæндзынæн.
2 Тæхудиаг сты,
Мæ уынаффæтæ Мын чи æххæст
кæны,
фидар сыл чи хæцы,
сабаты уагæвæрдтæ халын чи нæ
уадзы
æмæ æнæгъдау мийæ йæхи чи хизы,
уыдон».

3 Дунедарæджы адæмы 'хсæн чи
æрцард
æмæ семæ чи баиу,
уыцы æцæгæлæттæй мачи зæгъæд,
Дунедарæг мæ
Йæ адæмы 'хсæнæй асуринаг у,
зæгъгæ!
Сахъат евнухтæй дæр мачи дзурæд,
уый мæнæ хуыскъ бæласы къуыдыр
йеддæмæ,

куы ницы дæн, зæгъгæ!
4 Уымæн æмæ Дунедарæг
евнухты тыххæй дæр зæгъы:
«Мæ сабаты уагæвæрдтæ Мын
чи æххæст кæны,
Мæ уагæвæрдтæ йæ уды рæбинаг кæ-
мæн сты,
5 уымæн Мæ Хæдзары ныссадздзынæн
цырт
æмæ йыл ныффысдзынæн йæ ном.
Мæ фырттæ æмæ Мын Мæ
чызджытæй
суыдзæни ахсджиагдæр.
Æз ын ратдзынæн,
мыггагмæ чи нæ фесæфдзæн, ахæм
ном.
6 Уæдæ æцæгæлæттæй дæр
Дунедарæгимæ
чи баиу ис, лæггад Ын кæныны охыл,
Дунедарæджы ном чи уарзы, йæхи
Йын цагъар чи скодта
æмæ Йын Йæ сабаты уагæвæрдтæ
чи æххæст кæны,
Мæ уагæвæрдтæ йæ уды рæбинаг кæ-
мæн сты,
7 уыдоны Æз се 'ппæты дæр
фæхондзынæн
Мæ уаз хохмæ.
Мæ кувæн хæдзары сын балæвар
кæндзынæн
цин æмæ Мын барст уыдзысты,
Мæ нывондхæссæныл Мын
цы иууылсудзинæгтæ æрхæссой
æмæ Мын цы кусæрттæ акæной,
уыдон.
Æмæ Мын уæдæй фæстæмæ адæмтæ
Мæ Хæдзар хондзысты
æппæт адæмты кувæн хæдзар».

8 Алы бæстæтыл чи ныххæлиу ис,
уыцы израилæгты фæстæмæ
сæхи зæхмæ Чи æрбакодта, Уый,
Дунедарæг Хуыцау, зæгъы:
«Æцæгæлæттæй уемæ чи баиу,
уыдоныл ма Æз ноджыдæр
бафтаудзынæн».
9 Æрбацæут, хъæддаг сырдтæ,
хъæды цæрæгойтæ, æрбацæут æмæ
хæрут!

10 Мæ адæмы раздзæуджытæ
иууылдæр куырм сты, ницы
'мбарынц.
Иууылдæр сты гоби куыйтау —
сæ бон срæйын дæр нæу.
Хуыссын бирæ уарзынц æмæ сæхи
ауагътой,
фынæйæ сæнттæ цæгъдынц.
11 Куыйтау зыд æмæ кæрæф сты,
æфсис нæ зонынц.
Адæмы хъæр кæмæ нæ хъуысы,
уыцы фыййæуттау сæ алчи
тыхсы æрмæст йæхи удыл, йæхи
пайдайыл.

12 Сидынц: «Цомут æмæ абон
дзæбæх нынцъухæм сæн æмæ
махсымæ,
райсом та дзы ноджы хуыздæр
фæкæсдзыстæм нæхимæ!»

**57** «Раст адæймаг амæлы,
æмæ йыл ничи бахъынцъым кæны,
Хуыцаумæ кувæг цардæй ахицæн
вæййы,
æмæ йæ ничи бамбары, цæмæн.
Рæстуды иуварс айстæуы
фыддзинадæй,
2 æмæ æрæнцайы.
Раст фæндагыл чи цæуы,
уыдон сæ удтæн æнцой ссардзысты.

3 Мæ цуры æрлæуут,
къулбадæг усы лæппутæ,
хæтаг лæг æмæ
хъахбай сылгоймаджы цот!
4 Сымах кæмæй хынджылæг кæнут?
Æвзæр дзыхæй кæмæ дзурут,
уе 'взаг кæмæ суагътат?
Сымах стут фыдгæнджыты цот,
фæлитойты байзæддаг.
5 Алы пæлæхсар бæласы бын
æнæуаг митæ кæнут уæ
мæнгхуыцæуттимæ,
ноджы ма къæдзæхты бын комы
нарджыты,
тæрфыты, кусарт кæнут уæ сабиты.

6 Къададæтты дойнаг дуртæ —
уæ хай, уæ амонд.
Уыдонæн æрбахæссут сæн,
лæвар сын кæнут хойраджы хуынтæ.
Æмæ Æз уыдæттæй
райгонд куыд хъуамæ уон?
7 Уæ Израил! Бæрзонд хохыл сарæзтай
де 'нæуаг кувæн бынат
æмæ йыл хæссыс нывæндтæ.
8 Дæ хæдзары миддуар
æмæ дæ тарвæзты цур
æрæвæрдтай дæ табуйаг нысæнттæ.

Мæныл дæхи атигъ кодтай
æмæ араст вæййыс дæ кувæн
бынатмæ,
ноджы йæ фæпарахатдæр кодтай.
Бафидыдтай, æнæуаг митæ кæнын
кæимæ уарзыс, уыдонимæ
æмæ сын сæ кувæн бынæттыл
фæлгæсыс.
9 Мæнгхуыцау Молохæн
снывонд кодтай сæрдæн сой,
сарæзтай йын бирæ
хæрздæфгæнæнтæ.
Мæрдтыбæсты онг абалц кæнын кодтай дæ минæвæртты.
10 Бирæтæ федтай æмæ-иу бастадтæ,
фæлæ никуы загътай,
мæ ныфс асасти, зæгъгæ.
Бирæ ма дын æнтыст
æмæ дæ хъару нæ сæфти.

11 Афтæ тынг кæмæй фæтарстæ,
æмæ Мæныл дæ зæрдæ сивай,
хъуыды дæр Мæ мауал кæнай?
Дзæвгар рæстæг дын
Мæхи кæй нал раргом кодтон,
æдзæмæй кæй фæлæууыдтæн,
уый тыххæй Мæ нал тæрсыс?
12 Гъемæ дын Æз раргом кæндзынæн,
дæ митæ куыд раст сты, уый.
Æмæ уæд бæрæг уыдзæни,
цы пайда дын æрхæссой, уый.
13 Дзыназын куы байдайай,
уæд дæм бакæсдзыстæм,
кæддæра дæ куыд фервæзын
кæндзысты
дæ бирæ гуымирытæ.
Се 'ппæты дæр дымгæмæ
ныддардзысты,
Йæ зæрдæ Мæныл чи дары,
уыдоны хай бауыдзæни зæхх,
Мæ уаз хох бауыдзæни сæ исбон».

14 Дунедарæг зæгъы:
«Мæ адæмæн айгæрдут фæндаг!
Айгæрдут æмæ йæ слæгъз кæнут,
иунæг цæлхдур дæр ыл ма
ныууадзут!»

15 Афтæ зæгъы Бæрзонд, Кадджын,
Мыггагмæцæрæг, Уаз Чи хуыйны,
Уый:
«Æз цæрын уаз бæрзæндты,
фæлæ ма ноджы — састзæрдæтимæ
æмæ сæрныллæгтимæ.
Састзæрдæтæн раттын ныфс,
сæрныллæгтæн сæ зæрдæтæ райгас
кæнын.
16 Мыггагмæ сæ азымджын нæ
кæндзынæн,
мæсты нæ кæндзынæн æдзухдæр,
науæд адæм, Ме сконд адæм,
бынтондæр рафтдзысты Мæ разы.
17 Зыд æмæ кæрæф кæй уыдысты,
уый тыххæй сыл Мæ маст калдтон,
цагътон сæ æмæ сæ фыр мæстæй
Мæхи æмбæхстон,
фæлæ уæддæр кодтой,
сæхи цы фæндыди, уый.
18 Цытæ кодтой, уый Æз дзæбæх уыдтон.
Фæлæ сæ ныр сæ къахыл слæууын
кæндзынæн
æмæ сæ раст фæндагыл сараздзынæн.
Цы мæстытæ бавзæрстой,
уыдоны фæстæ сæ барæвдаудзынæн,
ныфс сæ бауадздзынæн.
19 Æз афтæ бакæндзынæн,
æмæ Мæ дзыхы ныхасæй дæр
стаудзысты.
Ратдзынæн сын амонд æмæ фарн —
дард чи у, уыдонæн дæр,
æмæ, хæстæг чи у, уыдонæн дæр.
Се 'ппæты дæр сæ къахыл слæууын
кæндзынæн», —
афтæ зæгъын Æз — Дунедарæг.

20 Ныр æнаккæгтæ та сты,
æнæнцой денджызы хуылфæй сурмæ
лами æмæ алы цъыф чи раппары,
уыцы знæт уылæнтау.

21 «Æнаккæгтæ æнцой нæ фендзысты», —
афтæ зæгъы мæ Хуыцау.

**58** Дунедарæг загъта:
«Хъæр кæн дæ тых, дæ бонæй,
сыкъауадындзау азæлæд дæ хъæлæс!
Мæ адæмæн, Йаковы байзæддæгтæн,
бауайдзæф кæн сæ фыдракæндтæ
æмæ сæ тæригъæдты тыххæй!
2 Уыдон Мæ алы бон дæр фæрсынц,
цы фæндæгтæм сæ хонын, уыдонæй.
Цыма рæстгæнджытæ сты æмæ Мын
Мæ уагæвæрдтыл фидар хæцынц,
уыйау Мæ домынц,
цæмæй тæрхон кæнон сæ сæраппонд,
цæмæй лæууон сæ фарсмæ.
3 Хъаст кæнынц, Дæ сæраппонд, дам,
ком куы дарæм,
æмæ нæм Ды кæсгæ дæр куы нæ
кæныс,

сæрныллæг нæхи куы кæнæм,
æмæ нæ Ды хъуыды дæр
куы нæ кæныс, зæгъгæ.
Фæлæ сымах, ком даргæйæ,
æрмæст уæхи фæнд тæрут,
уе 'ххуырстыты иуылдæр
тухæнæй марут.
4 О, ком даргæйæ,
хыл æмæ хъаугъа самайут
æмæ тымбыл къухæй нæмут уе
'ххуырстыты.
Æмæ уын афтæмæй куыд хъуамæ
фехъусон
уæ ком дарыны куывдтытæ?
5 Ау, æмæ Æз цы комдарæн равзæрстон,
уый ахæм у,
адæймаг йæхи сæрныллæг куы фæкæ-
ны, уæд?
Хъамылау сæркъулæй цæуын,
сæхъисыл кæнæ фæнычы хуыссын —
гъе уый хонут комдарæн,
Дунедарæгæн æхцон чи у, ахæм бон?

6 Мæнæ уын, Æз цы комдарæн равзæрс-
тон, уый:
уацайрæгтæн сæ хъадамантæ
ныссæтт,
се 'фсондз сын сис сæ бæрзæйæ,
æфхæрд адæмæн ратт сæрибар
æмæ макæйуал бассæнд.
7 Дæ къæбæр адих кæн стонгимæ,
рахау-бахаугæнæг мæгуыры дæ хæ-
дзармæ бахон,
гомгæрцц адæймагыл уæлæдарæс
скæн.
Дæ адæмæй æххуысхъуаг чи у,
уымæй дæхи ма аиуварс кæн.
8 Гъеуæд уæ фарн сæрттивдзæн
сæууон хурау,
æмæ байгас уыдзысты уæ
хъæдгæмттæ.
Уæ хорз хъуыддæгтæ цæудзысты уæ
разæй,
æмæ уыл Ме стыр арфæ 'рцæудзæн.
9 Уæд-иу Мæм скувут,
æмæ уын уæ куывд айсдзынæн.
Æххуысагур Мæм куы сдзыназат,
уæд уын дзуапп ратдзынæн,
Æз мæнæ дæн, зæгъгæ.
Хынджылæггаг куы никæйуал кæнат,
хахуыртæ куынæуал хæссат,
10 æххормагæн уæ уд дæр
куынæ бавгъау кæнат
æмæ æфхæрд адæймаджы куы
барæвдауат,
уæд уæ талынг ныррухс уыдзæни,
æмæ бонрæфты хурау
тæмæнтæ калдзæни уæ рухс.
11 Уæдæй фæстæмæ Æз, Дунедарæг,
æдзухдæр цæудзынæн уæ разæй.
Сыгъд быдыры-иу уæ бафсаддзынæн,
дæтдзынæн уын хъару.
Æмæ уæд суыдзыстут донæфсæст
дыргъдон
æмæ æнæбайсысгæ суадонау.
12 Уæд ногæй саразздзыстут,
раджы пырхон чи æрцыд,
уыцы бæстыхæйттæ,
рагон бындуртыл саразздзыстут
ног агъуыстытæ,
æмæ уæ æппæлдзысты, адон,
сахары быруйы гæмттæ чи бампъызта
æмæ адæмы сæраппонд хæлæттаг
бынæттæ
ногæй чи рацарæзта, уыдон сты,
зæгъгæ».
13 Дунедарæг зæгъы:
«Сабат Мæ уаз бон кæй у,
уый уæ макуы ферох уæд, æмæ йæ
нымайут.
Нымайут æй цытджын бæрæгбоныл
æмæ уæхиуыл хæцут, сабатбон
мацы хъуыддаг кæнут.
Кад ын скæндзыстут уымæй дæр,
стæй, уыцы бон уæ алы зæрдиаг
фæндтæ
куы аиргъæват, ноджы ма
æдзæлгъæд ныхæстæ дæр куынæ кæ-
нат, уæд.
14 Æмæ уæд Мæхæдæг суыдзынæн
уæ цины суадон.
Сисдзынæн уæ алы бæрзæндтæм
æмæ уын саккаг кæндзынæн,
кæддæр уæ фыдæл Йаковæн
цы исбон балæвар кодтон, уый».
Афтæ загъта Дунедарæг.

**59** Дунедарæджы къух нæ фæцыбыр —
ис Æм сымах фервæзын кæныны
хъомыс.
Уæдæ уæзхъус дæр нæ нæу —
æххуысагур Æм куы скувиккат,
уæд уæ æнæмæнг фехъусид.
2 О, фæлæ уæ фыдракæндтæ
æмдзæхгæр быруйау уырдыг
слæууыдысты
сымах æмæ уæ Хуыцауы 'хсæн.
Йе 'ргом уæ аздæхта уæ тæригъæдты
тыххæй
æмæ уæ нал хъусы!

3 Уымæн æмæ уæ къухтæ — тугæйдзаг,
уæ былалгъыл æдзух — фæлывд,
фæлитой ныхæстæ.

4 Рæстдзинады сæрыл чи сдзура,
йæ фарс чи рахæца,
иу ахæм сæм нæ разынд.
Сæ зæрдæ дарынц сæ ницæйаг,
сæ мæнг ныхæстыл.
Сæхи хъарынц фыдбылызтæ, бæллæх-
тæ аразыныл.
5 Сæ къухы цæфтæ — гуыппытæ
маргджын кæлмыты æйчытау мæлæт-
дзаг сты:
уыдонæй чи сахода, уый амæлдзæн,
чи сæ асæтта, уыдонмæ та сæ
хуылфæй
рабырдзысты маргджын кæлмытæ.
Цыма хæлуарæджы тынтæ уафынц,
уыйау сты сæ митæ,
6 фæлæ уыцы тынтæй
нæдæр уæлæдарæс скæнæн ис,
нæдæр æмбæрзæн бауафæн.
Уыдон сты фыдгæнæг адæм,
тыхгæнджытæ.
7 Дугъы фæцæйуайынц фыдбылыз
аразынмæ,
æназым туг ныккалынмæ.
Сæ сагъæстæ, сæ фæндтæ сты
æнаккаг —
бастигъын, ныппырх кæнын.
8 Фидыды фæндаг нæ зонынц,
раст хъуыддæгтæ нæ аразынц.
Цæуынц галиу фæндæгтыл
æмæ уымæ гæсгæ
фарн не ссардзысты сæхæдæг дæр.

9 Раст хъуыддæгтæ кæй нæ кæнæм,
уымæ гæсгæ нæ сæрыл нæ хæцы
Хуыцау дæр.
Рухсмæ бæлгæйæ,
саудалынджы, уырзæй сгаргæйæ,
хилæм.
10 Куырмытау быруйы æнцæйтты
цæуæм.
Рухс бонрæфты фæцæйкæлæм,
талынджы цæуæгау.
Нæ цардæн йæ тæккæ тæмæны
мардау стæм.
11 Ииуылдæр ниуæм æрсытау,
хъуыр-хъуыр кæнæм бæлæттау.
Æнхъæлмæ кæсæм Дунедарæджы
тæрхонмæ,
нæ хъизæмæрттæй нæ
кæд фервæзын кæндзæн, уымæ,
фæлæ нæм æмгæрон нал цæуы.
12 Нæ фыдракæндтæ сбирæ сты Дæ
разы,
комдзог ныл цæуынц нæ
тæригъæдтæ;
уæз ныл кæнынц нæ фыдракæндтæ,
зонæм нæ азым:
13 Дунедарæгыл нæ зæрдæ сивтам,
мæнг ныхæстæ дзырдтам,
нæ Хуыцауы фæдыл цæуын нæ разы
кодтам;
гадзрахатмæ, æгъатыр митæм
сидтыстæм,
мысыдыстæм, хъусын кодтам
мæнгдзинад.
14 Раст тæрхонæн нæм
йæ кой дæр нал ис,
нæ рæстад фесæфтам,
фæзы фæкалди рæстдзинад;
æууæнк цы у, уый нал зонæм.
15 Рæстдзинад нал ис,
фыдракæндæй йæхи чи хизы,
уый та искæй амæттаг свæййы.

Дунедарæг федта, раст тæрхон кæй
нал ис, уый,
æмæ Йын æхсызгон нæ уыди.
16 Стыр дисы бафтыд,
сæрылхæцæг кæй нæ разынд, ууыл.
Æмæ Йын уæд Йæхи къух æрхаста
уæлахиз,
Йæ раст тæрхон Ын баххуыс кодта.
17 Йæ раст тæрхон у згъæрхæдонау,
Йæ ирвæзын кæныны хъомыс
та — такайау.
Фыдгæнджыты бафхæрынæн цы тæр-
хон рахаста,
уым Йæхи æрбатыхта пæлæзау.
18 Æмæ Йæ тæрхоны амæттаг
бакæндзæн,
Йæ ныхмæ чи рацыди, уыдоны,
Йæ маст райсдзæн Йе знæгтæй,
денджызгæрон сахарты цæрджыты
бафхæрдзæни се ’наккаг хъуыддæгты
тыххæй.
19 Уæд ныгуылæн æмæ скæсæны
адæмтыл
тас бафтаудзысты Дунедарæджы ном,
Йæ кады хабæрттæ.
Тыхгæнджытæ цæугæдонау куы ’рба-
гуылф кæной,
уæд сæ Дунедарæг
ныффалгæрон кæндзæн уадау.
20 «О, æрцæудзæн Ирвæзынгæнæг
Сионмæ,

Йаковы байзæддæгтæм,
йæ фыдракæндтæ чи ныууагъта,
уыдонмæ», — зæгъы Дунедарæг.

21 «Мæнæ Мæ фидыды нысан семæ.
Æз дæ схайджын кодтон Мæ Удæй,
Дæ дзыхы дын бавæрдтон Мæ
ныхæстæ,
æмæ уыцы ныхæстæ ныр мыггагмæ
уыдзысты
дæхи, дæ байзæддæгты æмæ сæ
фæстагæтты былалгъыл», — зæгъы
Дунедарæг.

**60** Дунедарæг зæгъы:
«Сыст, сæрттив, Йерусалим, —
ссыгъди дæ рухс,
дæ сæрмæ тæмæнтæ калы
Дунедарæджы кад!
2 Æппæт дуне нытталынг уыдзæн.
Сау мылазон тары бын фæуыдзысты
алы адæмтæ.
Æрмæст дæ сæрмæ рухс тæмæн
скалдзæни Дунедарæджы кад.
3 Адæмтæ æрæмбырд уыдзысты дæ
рухсмæ,
сæ паддзæхты æрфæнддзæн
дæ тæмæнкалгæ рухс фенын.
4 Афæлгæс-ма алырдæм!
Адæмтæ се 'ппæт дæр æмбырдтæ
кæнынц,
æрбацæуынц дæм.
Дæ фырттæ дæм æрбацæуынц
дардæй,
сæ хъæбысы æрбахæссынц дæ
чызджыты.
5 Куы сæ фенай,
уæд дæ цæсгом барухс уыдзæн.
Фыр цинæй дæ зæрдæ нырриздзæни,
арвыл абаддзæн.
Адæмты хъæздыг фæллæйттæ
дæ къухы бафтдзысты,
денджызы сæрты дæм æрбахæццæ
уыдзысты.
6 Теуаты чырæты бын фæуыдзынæ.
Æрбатæрдзысты дын сæ
Мидиан æмæ Ефæйы бæстæтæй.
Савайы бæстæй дын æрбаласдзысты
сыгъзæрин æмæ буд
æмæ кад кæндзысты Дунедарæгæн.
7 Æрбатæрдзысты дæм Кедары бæстæй
лыстæг фос,
дæу уыдзысты Невайоты фырытæ.
Мæ зæрдæмæ сæ чи фæцæуа,
уыдоны Мын æвæрдзыстут
Мæ нывондхæссæныл, æмæ Æз
Мæ Кувæндон скадджын кæндзынæн.

8 Уый цы 'рбатæхы æврæгътау,
сæ бынæттæм здæхæг бæлæттау?
9 Уый денджызы сакъадæхты
цæрджытæн
Æз сдæн сæ зæрдæдарæн, се
'нхъæлцау,
æмæ дын Таршишы наутæ
дардæй æрбаласынц дæ фыртты.
Ноджы ма æрбаласынц æвзист,
сыгъзæрин,
цæмæй Йæ ном ссарой
Дунедарæгæн —
дæ Хуыцауæн, Израилы Стыр
Хуыцауæн,
уымæн æмæ дæ Уый скадджын кодта.

10 Æндæрбæстæгтæ дын ног
самайдзысты дæ систæ,
сæ паддзæхтæ дын кæндзысты
лæггад.
Куы-иу Мæ смæсты кодтай,
уæд дæ кодтон Мæ фыдæхы амæттаг,
фæлæ дын ныр ныххатыр кæндзынæн,
фæфæлмæн дæм уыдзынæн.
11 Нырæй фæстæмæ
дæ кулдуæрттæ никуыуал
рахгæндзынæ,
æхсæв дæр æмæ бон дæр уыдзысты
гом,
цæмæй дæм æнæсцухæй ласой
адæмты хъæздыг фæллæйттæ,
уыдоны разæй та дæм цæуой сæ
паддзæхтæ.
12 Дæуæн лæггад кæнын цы адæмты
æмæ цы паддзахæдты нæ бафæнда,
уыдон бынысхъуыд фæуыдзысты.
13 Ливанæй дын æрбаласдзысты
диссаджы хорз хъæдæрмæг:
кипарис, тæгæр æмæ кедр,
цæмæй Мын рæсугъд сфæлындой
Мæ Кувæндон — Мæ къахæвæрæн.
14 Æфхæргæ дæ чи кодта
æмæ дæ чи ницæмæ дардта,
уыдоны фырттæ дæм æрбацæудзысты
æмæ дæ разы сæ зонгуытыл
æрхаудзысты.
Схондзысты дæ Дунедарæджы,
Израилы Стыр Хуыцауы сахар — Сион.
15 Нырæй фæстæмæ нал уыдзынæ,
дзæгъæлæй чи баззад
æмæ фыдгулы цæстæй кæмæ
кастысты,

йæ иувæрсты кæмæн цыдысты, ахæм
сахар.
Æз дæ скадджын кæндзынæн
мыггагмæ,
цин дыл кæндзысты фидæны
фæлтæртæ.
16 Адæмтæ æмæ дыл паддзæхтæ
ауддзысты,
мад йæ дзидзидай сабийы
йæ риуы ’хсырæй куыд фæхæссы,
уыйау.
Æмæ уæд базондзынæ,
Æз Дунедарæг кæй дæн,
дæ Ирвæзынгæнæг æмæ дæ
Сæрибаргæнæг,
Йаковы хъомысджын Хуыцау.

17 Æрхуыйы бæсты дæ
ифтонг кæндзынæн сыгъзæринæй,
æфсæйнаджы бæсты — æвзистæй,
хъæдæрмæджы бæсты — æрхуыйæ,
дурты бæсты та — æфсæйнагæй,
дæ хицау суыдзæни рæстад.
18 Дæ зæхх никуыуал бавзардзæн тыхми,
гæныстон æмæ заууатмæ
никуыуал æрцæудзæн.
Дæ систæ дын суыдзысты
ирвæзынгæнæг,
дæ кулдуæрттæ та — кад хæссæг.
19 Хур æмæ мæй нал уыдзысты
дæ рухсгæнджытæ,
фæлæ дын Дунедарæг Хуыцау
уыдзæни
мыггагмæйы рухс æмæ кад.
20 Дæ рухс никуыуал ахуысдзæн,
хур æмæ мæйы анығуылды фæстæ
куыд вæййы, уыйау,
уымæн æмæ дын Дунедарæг уыдзæни
мыггагмæйы рухс,
æмæ дæ саударæн бонтæн æрцæудзæн
кæрон.
21 Дæ адæм уыдзысты рæстгæнджытæ,
æмæ,
цы зæхх сфæлдыстон,
дыргъдонау кæй сарæзтон,
уый мыггагмæ уыдзæни сæ исбон.
Æмæ Мæ кады ном айхъуысдзæн
адæмтыл.
22 Чысыл къордæй
рантысын кæндзынæн минтæ,
цауд адæмы скæндзынæн
хъомысджын.
Афон куы ’рцæуа, уæд Æз, Дунедарæг,
уыцы хъуыддаг сараздзынæн
уадидæгæн».

**61** Мæныл ис Дунедарæг Хуыцауы Уд,
уымæн æмæ Мæ Хуыцау байсæрста
мæгуыртæн фарны уац фехъусын
кæнынмæ,
састзæрдæты сдзæбæх кæнынмæ,
уацайрæгтæ æмæ ахæстытæн,
се ссæрибары рæстæг кæй ралæууыд,
уый зæгъынмæ.
2 Рарвыста мæ, Дунедарæгæн Йæ хор-
зæхы аз
кæй ралæууыд æмæ Йæ адæмы маст
фыдгултæй
кæй райсдзæн, уый фехъусын
кæнынмæ.
Рарвыста мæ хъынцъымгæнджыты зæрдæ
фæфидар кæнынмæ,
3 Сионы сахары хъынцъымгæнджытæн
сæ зæрдæ барухс кæнынмæ.
Нырæй фæстæмæ-иу фæнычы бæсты
сæ сæртыл кады худтæ ’ркæндзысты,
цæссыджы бæсты-иу цины сойæ
байсæрддзысты сæхи,
сæхъисы бæсты-иу кады пæлæз
скæндзысты.
Адæмтæ фендзысты,
сæ хъомыс Хуыцауæй кæй у, уый
æмæ сæ бардзысты,
Дунедарæг Едемы дыргъдоны кæй
ныссагъта,
уыцы бæлæстимæ.
Æмæ Дунедарæгæн Йæ кады ном
айхъуысдзæни дунейыл.

4 О, сымах ногæй рацараздзыстут,
незамантæй нырмæ
хæлддзæгты бын чи баззад, уыцы
сахартæ.

5 Æрбацæудзысты уæм
æндæрбæстæгтæ
æмæ уын хиздзысты уæ фосы дзугтæ,
кусдзысты уын уæ хуымты
æмæ уын зилдзысты уæ сæндæттæм.
6 Уæхæдæг та суыдзыстут
Дунедарæджы нымад сауджынтæ,
нæ Хуыцауы лæггадгæнджытæ.
Адæмты хъæздыгдзинæдтæ уыдзыс-
ты уæхи,
иууылдæр уыдзысты сымах.
7 Уæ фыдгултæй æгад ми æмæ
фидисæй
цас бавзæрстат, уымæй дыууæ ахæмы
фылдæрæй райсдзыстут хæрзтæ.
Цинæй райдзыстут уæ зæххыл,
мыггагмæ цæрдзыстут зæрдæрухсæй.

8 Дунедарæг зæгъы:
«Æз уарзын рæстдзинад,
æнæуынон Мын сты
тыхгæнджытæ, стигъджытæ.
Мæ адæмыл уыдзынæн иузæрдион
æмæ сæ æнæмæнг схорзæхджын
кæндзынæн.
Семæ сараздзынæн мыггагмæйы
фидыд.
9 Æмæ сæ цотæн алы адæмтыл
айхъуысдзæни сæ хорзы кой,
сæ байзæддæгтæ скадджын уыдзысты
алы знæмты астæу.
Чи-иу сæ фена, уыдон æмбардзысты,
Дунедарæг арфæ кæмæн ракодта,
ахæм адæм кæй сты, уый».
10 Цинæй райæм,
цин кæнæм Дунедарæгыл, нæ
Хуыцауыл.
Ирвæзындзинадæй нæ дарæсау
сфæлыста,
рæстдзинадæй нæ ’рбатыхта пæлæзау.
Афтæ усгурыл дæр кады худ
æркæнынц,
йæ усагыл — чындзы фæлыст.

11 Зæххыл зайæгойтæ билцъ куыд
суадзынц
æмæ куыд байрæзынц,
уыйау Дунедарæг æппæт адæмтæн
равдисдзæн Йæ рæстдзинад æмæ Йæ
кад.

**62** Сионы сæраппонд æз хъусæй нæ
лæудзынæн,
Йерусалимы сæрвæлтау нæ басабыр
уыдзынæн,
цалынмæ сæуæхсидау нæ сæрттива
йæ рæстад,
судзгæ цырагъау — йæ
ирвæзындзинад.

2 Æппæт адæмтæ дæр фендзысты,
Дунедарæг дын Йæ раст тæрхоны
фæрцы
цы хæрзты бацыд, уый.
Æппæт паддзæхтæ дæр дын
фендзысты дæ кад.
Дунедарæг дын ратдзæни ног ном
æмæ дæм уыцы номæй
дзурдзысты иууылдæр.
3 Дунедарæг Хуыцауы къухы уыдзынæ
паддзахы худы хуызæн.
4 Ырæй фæстæмæ дæ нал
нымайдзысты
дзæгъæл сахарыл,
дæ зæхх дæр дын нал схондзысты
«æдзæрæг быдыр».
Уый нæ, фæлæ дын дæхи хондзысты
«Хуыцауы уарзон»,
дæ зæхх та — «моймæдзыд»!
Уымæн æмæ
Дунедарæджы зæрдæмæ
фæцæудзынæ,
æмæ Йын дæ зæхх суыдзæни
бинойнагау.
5 Лæппу чызгимæ куыд баиу вæййы,
афтæ баиу уыдзæни демæ дæ
Саразæг,
усгур йæ усагыл куыд бацин кæны,
афтæ дыл бацин кæндзæни дæ
Хуыцау.
6 «Йерусалим, дæ систы сæрыл дын
сæвæрдтон хъахъхъæнджытæ
æмæ загътон,
цæмæй сæ хъæлæс хъуыса
æхсæв дæр æмæ бон дæр».

Йерусалимы сахары макуы æрмынæг
уæд,
Дунедарæджы чи нымайы,
уыдоны хъæлæс!
7 Ма ныхъхъус ут,
кувут Дунедарæгмæ,
цалынмæ Йерусалимы сахар
ногæй сараза,
цалынмæ, йæ кады ном
дунейыл кæмæн айхъуыса,
ахæм сахар дзы сараза, уæдмæ!

8 Дунедарæг ард бахордта
Йе стыр хъомысæй:
«Дæ хойраг дын нал ратдзынæн
дæ фыдгултæн, цы сæныл бафыдæбон
кодтай,
уый дын нал нуаздзысты
æцæгæлæттæ.
9 Тыллæг чи бафснайы,
хæргæ дæр дзы уыдон кæндзысты
æмæ Дунедарæджы стаудзысты.
Сæн дæр, сæнæфсир чи тоны,
уыдон Мæ Кувæндоны кæртыты
нуаздзысты».

10 Йерусалимы цæрджытæ, цæугæут,
ахизут уæ сахары кулдуарыл
æрцæттæ кæнут адæмæн фæндаг,
слæгъз æй кæнут,
йæ дуртæй йæ ссыгъдæг кæнут,
адæмтæн уæ тырыса сисут нысанæн!

11 Дунедарæг фехъусын кодта æгас
дунейæн:
«Фехъусын кæнут Сионы сахарæн,
дæ ирвæзыны сахат æрбаввахс ис,
зæгъгæ!
Дунедарæг æрбацæуы
æмæ схорзæхджын кæндзæн Йæ
адæмы».

12 Уыцы адæмы схондзысты,
Дунедарæг кæй фервæзын кодта,
уыцы уаз адæм.
Дæу та схондзысты,
Дунедарæг дзæгъæл кæй нæ
ныууагъта,
уыцы бæллиццаг сахар.

63 «Уый сырх-сырхид дарæсы
Чи рацæуы Едомы сахар Боцрайæ?
Уый Чи у уыцы хъомысджын,
Чи рацæуы уыцы барджын
къахдзæфтæй
Йæ дарæсы мидæг?»
«Уый Æз дæн —
рæстдзинад Дзурæг æмæ
хъомысджын Ирвæзынгæнæг!»
2 «Æмæ Дæ дарæс афтæ сырх цæмæн у,
раст цыма сæндуцæны сæн
лæмæрстай,
уый хуызæн?» —
3 «О, Æз иунæгæй лæмæрстон сæн,
адæмтæй Мæ фарсмæ ничи
æрбалæууыд.
Æмæ Æз Мæ фыр мæстæй се ’ппæты
дæр
ссæстон мæ къæхты бын,
лæмæрстон сæ сæнæфсиры
цупæлттау.
Сæ туг Мыл-иу æрбакалд
æмæ Мын мæнæ самæста Мæ дарæс.
4 Æрцыди Мæ адæмы ссæрибар
кæныны
æмæ сын сæ фыдгултæй
сæ маст райсыны заман.
5 Æз кастæн, æмæ Мын чи баххуыс кодтаид,
иу ахæм нæ разынд,
дисы дæр ма бацыдтæн,
Мæ фарсмæ куыд ничи æрбалæууыди,
зæгъгæ.
Фæлæ Мын баххуыс кодта Мæхи
хъомыс,
Мæ маст Мын радта хъомыс.
6 Æмæ уæд фыр мæстæй Мæ къæхты
бын
ныссæстон алы адæмты,
ныффалгæрон сæ кодтон
æмæ сын сæ туг акалдтон зæххыл».

7 Мæ зæрдыл дарын Дунедарæджы
хæрзтæ,
Дунедарæджы кад.
Уый Израилæн бацыди бирæ хæрзты
æмæ сæ ныронг дæр дætты рæдауæй.

8 Афтæ зæгъы: «Адон Мæхи адæм сты,
сайын чи нæ зоны, ахæм
сывæллæттæ».
Æмæ Дунедарæг у нæ Ирвæзынгæнæг.
9 Нæ хъынцъымы нæ никуы ныууагъта,
Йæ зæды-иу нæм рарвыста
æххуысмæ.
О, фыдау ныл ауды незамантæй
нырмæ.
Уарзы нæ æмæ нæ ирвæзын кæны
бæллæхæй.

10 Фæлæ мах Йæ ныхмæ рацыдыстæм,
Йæ Сыгъдæг Уды хъыджы
бацыдыстæм,
æмæ нæм уæд Уый дæр сызнаг ис
æмæ райдыдта нæ ныхмæ хæцын.
11 Махæн нæ зæрдыл
æрлæууыдысты рагзамантæ,
Моисейы хабæрттæ, æмæ
ныдздзынæзтам:
«Денджызы хуылфæй нæ
Йæ адæмы фыййауимæ Чи ракодта,
Уый цы фæцис?
Кæм ис, Моисейы Йæ Сыгъдæг Удæй
Чи схайджын кодта,
12 фæндагыл æй Йæ хъомысджын базы-
ры бын Чи бакодта,
йæ разæй йын денджызы дæттæ
фæйнæрдæм Чи фæцæуын кодта
æмæ уымæй Йæхицæн мыггагмæ
ном Чи скодта, Уый?
13 Денджызы бынты акодта Йæ адæмы,
æмæ сæ къах дæр никуы скъуырдтой,
раст цыма бæх тыгъд быдыры
фæцæйцыд, уый хуызæн.
14 Фыййау йæ фосы дзуг дæлвæзы ’рдæм
ривæд кæнынмæ куыд рауадзы,
уыйау Дунедарæджы Уд дæр
Йæ адæмы ракодта тæссаг ранæй
æмæ сын радта æдасдзинад æмæ
æнцой».
Афтæ ракодтай Ды Дæ адæмы
æмæ уымæй скадджын кодтай Дæ
ном!
15 Æркæс уæларвæй,

Дæ кадджын æмæ Дæ уаз бынатæй!
Кæм ис Дæ уарзондзинад, Дæ хъомыс?
Куы ницыуал Дын уынæм Дæ бирæ
хæрзтæй,
Дæ хорзæхтæй!
16 Фæлæ Ды куы дæ нæ Фыд!
Авраам нæ зоны мах, Йаков
дæр — афтæ.
О Дунедарæг, Ды дæ нæ Фыд!
Дæ ном мыггагмæ дæр у «нæ
Ирвæзынгæнæг».
17 О Дунедарæг, цæмæн нæ бауагътай
Дæ фæндаджы иувæрсты ацæуын?
Цæмæн æруагътай уый,
æмæ Дыл нæ зæрдæ сивæм,
мауал Дæ тæрсæм?
Æркæс нæм, Дæ цагъартæм, Дæхи
адæммæ!
18 Ацы зæхх бирæ рæстæг нæ уыди
Дæ адæмы исбон,
уымæн æмæ Дын фыдгултæ
фæчъизи кодтой Дæ Кувæндон.
19 Æмæ систæм ахæм адæм,
цыма Ды никуы уыдтæ нæ паддзах,
цыма Дын мах никуы зыдтам Дæ
ном.

**64** Тæхуды æмæ куы байгом кæнис
уæлæрвтæ,
куы 'рхизис дæлæмæ,
цæмæй хæхтæ æмризæджы
нырризой!
2 Фæзын нæм, зынг пыхсыл куыд
сирвæзы
кæнæ дон куыд рафыцын кæны,
уыйау!
Уадз æмæ Дын Дæ фыдгултæ базоной
Дæ ном,
Дæ койæ æмризæджы нырризой
адæмтæ!
3 Æнæнхъæлæджы тасæфтауæг
хъуыддæгтæ
куы арæзтай æмæ-иу уæларвæй куы
'рхызтæ,
уæд-иу æмризæджы ныррызтызты
хæхтæ.
4 Ды иунæг Хуыцау дæ,
йæ зæрдæ Дыл чи дардта,
уыдонæн бирæ хæрзты Чи бацыд,
Уый.
Æндæр хуыцауы тыххæй
нæдæр фехъуыстæуыд,
нæдæр æй цæстæй фендæуыд.
5 Ды хæлар цæстæй кастæ
рæстгæнджытæм,
Дæ фæдзæхстытæ Дын чи нæ рох
кодта,
уыдонмæ.
Фæлæ нæм смæсты дæ,
уымæн æмæ незамантæй фæстæмæ
Дæ цæсты раз кодтам тæригъæдджын
хъуыддæгтæ.
Фервæзын нæ кæн!

6 Мах иууылдæр фæчъизи стæм,
чъизи дарæсау — не 'ппæт
рæстдзинад.
Бахус стæм сыфтæрау,
нæ фыдракæндтæ нæ сæ уæлныхты
систой уадау æмæ нæ фæхæссынц.

7 Æххуысагур дæр Дæм ничиуал кувы.
Æмæ нæм Ды дæр нал æвдисыс Дæ
цæсгом.
Ныууагътай нæ, æмæ сæфты къахыл
ныллæууыдыстым нæ фыдмиты
тыххæй.
8 О, фæлæ, Дунедарæг, Ды нæ Фыд дæ!
Мах æлыг стæм, Ды та — не Скæнæг.
Скодтай нæ Дæхи къухтæй.
9 Æгæр нæм ма мæсты кæн,
Дунедарæг,
мыггагмæ Дæ зæрдыл ма дар нæ
азым.
Æркæс-ма нæм,
мах иууылдæр Дæ адæм куы стæм!
10 Дæ уаз сахартæ федзæрæг сты.
Федзæрæг ис Сион,
гæныстон фестад Йерусалим.
11 Нæ фыдæлтæ Дын кад кæм кодтой,
уыцы Кувæндон арты хай баци,
йæ хæзнатæ стигъджыты баисты.
12 О Дунедарæг, æппæт уыдæттæ Дæм
æгъгъæд нæ кæсынц, æви?
Кæдмæ лæудзынæ хъусæй
æмæ нæ афтæ тынг кæдмæ
æфхæрдзынæ?

**65** «Æз раргом дæн, чи Мæм нæ куывта,
уыдонмæ.
Чи Мæ нæ агуырдта, уыдон Мæ
ссардтой.
„Мæнæ дæн, мæнæ!“ — дзырдтон,
Мæхи чи нæ уыд, уыцы адæммæ.
2 Алы бон дæр мæ цæнгтæ ивæзтон,
æнаккаг митæ чи кодта
æмæ йæхи фæнд чи тардта,
Мæ уыцы æгоммæгæс адæммæ.
3 Æнæсцухæй Мæ æргом æфхæрынц
сæ митæй.

Сæ кувæн къохты сæ
мæнгхуыцæуттæн
хæссынц нывæндтæ,
æмбæрзæн дурæй æхгæд
уæлхæдзæрттыл
судзынц буд,
4 бадынц зæппæдзты
æмæ æхсæвиуат кæнынц лæгæтты.
Хæрынц хуыйы фыд,
сæ мигæнæнты дарынц æлгъаг, нæ-
фæтчиаг бас.
5 Чи сыл амбæлы, уымæн фæзæгъынц,
æрлæууу, хæстæг мæм ма ’рбацу,
дæуæй хъауджыдæр æз сыгъдæг дæн.
Ацы адæм Мын Мæ маст рафыцын
кодтой,
æмæ алы бон дæр судзы
æнæахуысгæ пиллон артау.

6 Се ’наккаг митæ Мæм фыст сты,
æмæ Æз нæ банцайдзынæн,
цалынмæ сæ Мæ маст райсон, уæдмæ.
7 Бафхæрдзынæн сæ сæхи
æмæ сæ фыдæлты азымы тыххæй.
Уыдон хæхтæ æмæ уæлвæзтыл сыгъ-
той буд
æмæ Мын уымæй æгад кодтой Мæ
ном.
Гъемæ ныр æфхæрд баййафдзысты
се ’ппæт хъуыддæгты тыххæй дæр».
Афтæ зæгъы Дунедарæг.

8 Ноджы ма Дунедарæг зæгъы:
«Æфхæрд сæнæфсиры зæнгыл дæр
рæгъæд цупал куы разыны, донджын
цупал,
уæд ын йæ тонæгæн фæзæгъынц:
„Ма йæ ацъæл кæн,
уымæн æмæ уый арфæгонд у“.
Афтæ бакæндзынæн Æз дæр
Мæ цагъарты сæраппонд,
се ’ппæты нæ фесафдзынæн.
9 Мæ хæхбæстæ исбонæн кæмæн
радтон,
уыцы Йаков æмæ Иудæйæн
фидæнмæ сбирæ кæндзынæн сæ
байзæддæгты.
Ме ’взæрст цагъартæн уыцы
хæхбæстæ
суыдзысты фыдæй-фыртмæйы исбон,
æмæ дзы цæрдзысты мыггагмæ.
10 Мæ кувæг адæмы лыстæг фосæн
Шарон уыдзæни хизæнуат,
се стуртæн та Ахоры
дæлвæз — ривæддон.
11 Сымах та, Мæныл йæхи
чи атигъ кодта,
Мæ уаз хох кæмæй ферох ис,
Гадæн фынгтæ чи æвæры,
Менийæн, алы хъацæнтæ кæуыл ис,
ахæм сæнæй кæхцытæ
чи байдзаг кæны, уыдоны,
12 Æз карды амæттаг бакæндзынæн,
сæргæвддзысты уæ фосау!
Уымæн æмæ уæм Æз сидтæн,
фæлæ дзуапп нæ лæвæрдтат,
дзырдтон, фæлæ сымах нæ хъуыстат,
æнæуынон Мын цы хъуыддæгтæ сты,
уыдоныл бафтыдыстут».

13 Уымæ гæсгæ Дунедарæг зæгъы:
«Мæ цагъартæн уыдзæни хæринаг,
сымах та сыдæй мæлдзыстут.
Мæ цагъартæн уыдзæни нуазинаг,
сымах та мæлдзыстут дойныйæ.
14 Мæ цагъартæ цинæй райдзысты,
зардзысты сæ зæрдæйы дзæбæхæн,
сымах та хъыгзæрдæйæ æрдиаг
кæндзыстут,
дзыназдзыстут ныфссастæй.
15 Ме ’взæрстытæ уæ номæй
пайда кæндзысты æлгъыстæн,
Дунедарæг Хуыцау уæ мæлæты хай
бакæндзæн,
Йæ цагъартæн та ратдзæни ног ном.

16 Зæххыл арфæ чидæриддæр кура,
уый скувдзæн иузæрдион Хуыцаумæ,
зæххыл чидæриддæр ард хæра,
уый сомы ракæндзæн иузæрдион
Хуыцауæй».
Дунедарæг зæгъы:
«Уæ хъизæмæрттæ уæ ферох уыдзысты,
уæ цæстæй дæр сæ нал фендзыстут.
17 Мæнæ фæлдисын ног арв æмæ ног
зæхх.
Раздæры арв æмæ зæхх нал
æрымысдзыстут,
нал æрлæудзысты уæ зæрдыл.
18 Цин кæнут, цинæй райут мыггагмæ,
ныр цы фæлдисын, уыдæттыл.
Æз аразын цины сахар Йерусалим,
йæ цæрджыты зæрдæ йын дзаг кæнын
рухс амондæй.
19 Мæхæдæг дæр цин кæндзынæн
Йерусалимыл,
цинæй райдзынæн Мæ адæмыл.
Никуыуал сын ничи фехъусдзæни сæ
дзыназын,
сæ кæуын хъæлæс.

20 Уым никуыуал ахуысдзæни сабийы
зынг,
иу ацæргæ дæр дзы нал амæлдзæни,
цалынмæ хæрз зæронд бауа, уæдмæ.
Сæдæаздзыдæй чи амæла,
уымæй дзурдзысты,
цардхъуаг уыди, зæгъгæ.
Æнус чи нæ фæцæра, уымæй,
æлгъыст фæци, зæгъгæ, дзурдзысты.
21 Араздзысты хæдзæрттæ æмæ сæ
цæрдзысты.
Садздзысты сæнæфсиры талатæ
æмæ сæхицæн тондзысты сæнæфсир.
22 Хæдзæрттæ нæ араздзысты æмæ
дыргъдæттæ нæ кæндзысты
æцæгæлæттæн.
Ме 'взæрст адæм цæрдзысты,
бæлас цас цæры, уый бæрц,
цæрдзысты сæ къухты фæллойæ.
23 Æнæхъуаджы нал уыдзæни сæ
фæллой,
æвгъæддон сылгоймæгтæ
сæ сабитæн нал тæрсдзысты
æлгъыст фидæнæй,
уымæн æмæ Хуыцауæй арфæгонд
уыдзысты
сæхæдæг дæр æмæ сæ байзæддаг дæр.
24 Æз-иу сæ фехъусдзынæн,
нæма-иу Мæм скувдзысты, афтæ.
Сæ курдиат-иу нæма зæгъдзысты,
афтæ-иу сын æй сæххæст кæндзынæн.
25 Иумæ хиздзысты бирæгъ æмæ
уæрыкк.
Домбай стурау хæрдзæни хъæмп,
калм та цæрдзæни зæххы рыгæй.
Фыдракæнд æмæ зиан ничи
кæндзæни
Мæ уаз хохыл».
Афтæ зæгъы Дунедарæг.

**66** Афтæ зæгъы Дунедарæг:
«Уæларв Мæ бадæн у,
зæхх — Мæ къæхтæвæрæн.
Цавæр хæдзар Мын хъуамæ
саразат сымах?
Кæм ис Мæн аккаг
æрæнцайæн бынат?
2 Æз Мæхи къухæй сфæлдыстон алцы,
афтæмæй фæзындысты æппæт
уыдæттæ! —
зæгъы Дунедарæг. —
Састзæрдæ æмæ сæрныллæг,
Мæ ныхасмæ тæрсгæ-ризгæйæ
чи хъусы,
уый Мын у адджын.
3 Сымах та иуæрдыгæй
Мæнæн гал æргæвдут,
иннæрдыгæй та уæ гуымирыйæн
адæймаг-ныводн хæссут.
Иуæрдыгæй Мæнæн фыс кусарт
кæнут,
иннæрдыгæй та куыдзы æфцæг
сæттут.
Иуæрдыгæй Мæнæн хуын хæссут,
иннæрдыгæй та хуыйы хъуырæй туг
уадзут.
Иуæрдыгæй Мæнæн буд судзут,
иннæрдыгæй та уæ хуыцаугондæн
табу кæнут.
Равзæрстат уæхи фæндæгтæ,
уæ зæрдæ рухс кæны уе 'лгъаг митæй.
4 Гъемæ фыр тæссæй
æмризæджы куыд ризат,
афтæ уæ бафхæрдзынæн Æз дæр.
Уымæн æмæ уæм сидтæн,
æмæ Мын дзуапп нæ радтат,
дзырдтон уæм, æмæ Мæм нæ
байхъуыстат.
Ме 'вастæй ныххæцыдыстут
фыдракæндтыл,
кодтат, Мæнæн фæндон цы нæу,
уыдæттæ».
5 Дунедарæджы ныхасы раз
аргъуыц чи кæны,
уыдон æрбайхъусæнт,
цы уын зæгъы, уымæ:
«Уæхи Мæ адæмыл кæй нымайут,
уый тыххæй
цæстысындз фестадыстут уе
'фсымæртæн,
æмæ уæ се 'мгæрон нал уадзынц.
Хынджылæг кæнынц,
уæдæ-ма, дам, уын Дунедарæг
Йæ кад раргом кæнæд,
æмæ мах фенæм,
кæддæра уын уæ зæрдæ
цæмæй барухс кæндзæни!
Æз уын зæгъын,
уыдон хорзау нал фæуыдзысты.
6 Сахарæй хъуысы тохуынæр,
Кувæндонæй — фæдисхъæр!
Уый Дунедарæг Йæ фыдгултыл
бафтыдта Йæ фыдæх.

7-8 Æнхъæлцау сылгоймаг
куыд хъуамæ ныййара йæ сабийы,
удхар куынæ бавзара, уæд?
Чи кæд фехъуыста
кæнæ федта ахæм хабар?
Кæннод иу бонмæ

кæд фæзынди иставæр бæстæ
æмæ æваст кæд айдзаг ис адæмæй?
Фæлæ Сион, куыддæр йæ арын афон
ралæууыд,
афтæ йæ фыртты ныридæгæн
ныййардта.
9 Куыд æнхъæл кæнут?
Æз — Дунедарæг: цы райдайон,
уый кæронмæ нæ ахæццæ
кæндзынæн?
Æз — уæ Хуыцау —
ныййарыны хъомыс кæмæн раттон,
уымæн йæ зæнæгдоныл
гуыдыр сæвæрдзынæн?

10 Цинæй райут Йерусалимимæ,
цин ыл кæнут,
чидæриддæр æй уарзы, уыдон!
Йемæ бацин кæнут,
йæ зæрдæ йыл кæмæн рысти, уыдон!
11 Сымах хайджын уыдзыстут
йæ ныфсæй, йæ фарнæй,
уæ мондæгтæ исдзыстут йæ бирæ
бæркадæй.
12 Æз — Дунедарæг —
сæххæст кæндзынæн Мæ дзырд.
Йерусалимы сахарæн
сбирæ кæндзынæн йæ фарн,
йемыдзаг æй бакæндзынæн
адæмты фæллойæ,
раст ыл цыма дон раивылдзæни,
уыйау.
Æмæ уæхи æнкъардзыстут,
хъæбысы кæнæ уæрджытыл кæй
фæрæвдауынц,
уыцы сабитау.
13 Æз уæ барæвдаудзынæн мадау,
æмæ Йерусалимы фарнæй
уыдзыстут фæрнджын.
14 Уыдæттæ куы бавзарат,
уæд барухс уыдзæни уæ зæрдæ.
Уалдзыгон кæрдæг куыд базмæлы,
афтæ базмæлдзæн уе уæнгты туг».
Дунедарæг Йæ цагъарты
фервæзын кæндзæн Йæ хъомысджын
къухæй,
Йæ фыдгулты Йæ азары хай
бакæндзæн.
15 Фæзындзæни пиллонкалгæ,
Йæ тохуæрдæттимæ сыл уадау
Йæхи ныццæвдзæн
æмæ сыл æгъатырæй ныккалдзæни
æхсидгæ масты цæхæр.
16 Дунедарæг арт æмæ кардæй
тæрхон кæндзæн адæмæн,
æмæ Дунедарæджы цæфæй
бирæтæ сæ мæлæт ссардзысты.

17 «Йæхи мæнг хуыцæуттыл чи
фæдзæхсы
æмæ, ссыгъдæг уæм, зæгъгæ,
иу иннæйы фæдыл уыцы хуыцæуттæн
йæ кувæн къохты нывæндтæ чи хæссы,
хуытæ, мыстытæ æмæ æндæр æлгъаг
фосы фыд
чи хæры, уыдон иууылдæр бабын уы-
дзысты, — зæгъы Дунедарæг. —
18 Æз сын зонын сæ хъуыддæгтæ æмæ
сæ хъуыдытæ,
æмæ цæуын алы адæмты,
алы ’взæгтыл чи дзуры,
уыдоны æрæмбырд кæнынмæ.
Æрцæудзысты уыдон
æмæ Мын фендзысты Мæ кад.
19Мæ адæмæй чи фервæза, уыдоны скæн-
дзынæн Мæ минæвæрттæ. Арвитдзынæн сæ
алы адæмтæм, алы бæстæтæм: Таршишмæ,
Пулмæ æмæ Лудмæ, Мешехмæ æмæ Рош-
мæ, Тувалмæ æмæ Йаванмæ, ноджы ма алы
дард сакъадæхтæм, Мæ кой Мын кæм никуы
фехъуыстой æмæ Мын Мæ кад кæм никуы
федтой, уыцы бæстæтæм, æмæ адæмæн
дзурдзысты Мæ кады тыххæй.
20Алы адæмтæй уын æрбакæндзысты æф-
сымæртæ бæхтыл, хæргæфсытыл æмæ уа-
дæмдзу теуатыл, æрбаласдзысты сæ тохуæр-
дæтты æмæ лæгуæрдæтты. Æрбакæндзысты
сæ Мæ уаз хохмæ, Йерусалиммæ, æмæ сæ
балæвар кæндзысты Мæнæн, Дунедарæгæн,
израилæгтæ Мын Мæ Кувæндонмæ сыгъдæг
мигæнæны хуын куыд æрбахæссынц, раст
уый хуызæн.
21Æз уыдонæй иуæй-иуты равзардзынæн,
цæмæй мын уыдон сауджынтæ æмæ левит-
тау лæггад кæной, — зæгъы Дунедарæг.

22 Цы ног арв æмæ ног зæхх сфæлдисон,
уыдон æдзух Мæ цæсты раз куыд
уыдзысты,
уыйау уæ байзæддæгтæ дæр æмæ уæ
ном дæр.
Уый уын зæгъын Æз — Дунедарæг.
23 Уæд Мæм алы мæйног æмæ
æрвылсабат
иууылдæр цæудзысты,
æмæ-иу сæ алчидæр
зоныг кæндзæни Мæ разы.
24 Фæссахармæ-иу куы рацæуой,
уæд та-иу, æлгъгæнгæйæ,
афæлгæсдзысты,

йе ’ргом Мæ чи аздæхта, уыдоны
мæрдтыл.
Уыдоны хъизæмарæн кæрон нæ
уыдзæни:
нæдæр сæ къуыдыргалм искуы
ныммæлдзæн,
нæдæр, цы арты мидæг судзынц,
уый искуы ахуысдзæн».

# Пехуымпар Йеремиайы чиныг

Хæстæг Скæсæны бæстæтæй бирæтæ чи басаста, уыцы тыхджын ассириаг импери Чырыстийы райгуырды агъоммæ, VII æнусы дыккаг æмбисы, бындурхæлд фæци. Йæ бынат ын бацахста æндæр паддзахад – Вавилон. Уæды рæстæджы уым хицауиуæг кодтой халдейæгтæ. Куыдфæстæмæ Вавилон йæ дæлбар кæнын байдыдта Хæстæг Скæсæны паддзахæдтæ. Фæлæ Ханаанæн йæ хуссарварс фæфидар ис, стыр истори кæмæн ис, уыцы паддзахæдтæй иу – Мысыр. Фидæны йæ Вавилон йæ быны кæй ассæнддзæн, уый уæд бæрæг нæма уыди.

Чысыл Иудей йæхи раппар-баппар кодта уыцы дыууæ паддзахады ’хсæн, арæхдæр Мысыры фарс лæугæйæ. Иудейы бафхæрыны охыл вавилойнаг паддзах Навуходоносор 597 азы уацары райста æрыгон дзуттаг паддзах Йехониайы æмæ йын йæ хæстæг Цедекиайы йæ бынаты æрбадын кодта. Цалдæр азы фæстæ Цедекиа дæр йæ ныфс бахаста Вавилоны ныхмæ ралæууынмæ, æмæ уæд Навуходоносор æрбабырста Иудеймæ æмæ Йерусалимыл æртыхсти. Дыууæ азы фæстæ сæйраг сахары цæрджытæ сæхи радтой вавилойнаг æфсады къухмæ. Вавилойнæгтæ ныппырх кодтой Йерусалим æмæ йын йæ цæрджытæй бирæты уацары акодтой.

Йеремиа пехуымпариуæг кодта 622–586 азты, йæ пехуымпарады фыццаг азты паддзахиуæг кодта Иосиа. Уый иузæрдион уыди Хуыцауыл æмæ архайдта ууыл, цæмæй Иудей хызт уа тæригъæдæй æмæ гуымирытæм кувынæй. Йæ фæстæ цы паддзæхтæ уыдис (Иоахаз, Иоаким, Йехониа, Цедекиа), уыдон Хуыцауы раз тæригъæды цыдысты. Паддзæхтæ дæр æмæ адæм дæр тæригъæдджын митыл сæ къух сисын æмæ фæстæмæ Хуыцаумæ раздæхын кæй нæ куымдтой, уымæ гæсгæ сын Йеремиа рагацау дзырдта, сомбон Хуыцауы тæрхонæй кæй нæ аирвæздзысты, уый тыххæй.

Арæхдæр поэтикон хуызы фыст чи вæййы, иннæ уыцы пехуымпарты чингуытæй уæлдай ацы чиныджы æмбæлы даргъ прозаикон скъуыддзæгтæ (сæ стильмæ гæсгæ сты «Фæлхатгонд æгъдау»-ы чиныджы æнгæс). Ис ма дзы пехуымпарæн йæхи царды ахсджиаг цауты кой дæр, æмæ уымæ гæсгæ Йеремиайы царды тыххæй, иннæ пехуымпартимæ абаргæйæ, ис фылдæр базонæн. Уыимæ Йеремиа иудадзыг кæны йæхи кой, Хуыцауæн хъаст кæны йæ уæззау хъысмæтæй æмæ ма суанг Йемæ быцæу дæр кæны, уымæн æмæ пехуымпар Хуыцауы къухы хъазæнхъул нæу, фæлæ, барвæндонæй Хуыцауæн лæггад кæныны фæндаг чи равзæрста, ахæм адæймаг. Йеремиайы хъысмæтыл зыны уыцы лæггады уæз, фæлæ йыл уый уæддæр йæ къух нæ systa.

Традицимæ гæсгæ, Йеремиа нымад цæуы чиныг «Йеремиайы хъарæг»-ы авторыл дæр.

---

**1** Ацы чиныджы фыст æрцыдысты Хил-
киайы фырт Йеремиайы ныхæстæ. Уый
уыдис Анатоты сауджынтæй, Бениамины
зæххæй. 2Дунедарæг Йеремиайæн Йæ ныхас
фехъусын кодта, Иудейы паддзах, Амоны
фырт Иосиа, æртындæсæм аз хицауиуæг
куы кодта, уыцы заман. 3Дунедарæг йе-
мæ ныхас кодта Иудейы паддзах Иоакимы,
Иосиайы фырты, заманы дæр, стæй фæс-
тæдæр, суанг иудейаг паддзах Цедекиайы,
Иосиайы фырты, хицаудзинады иуæндæ-
сæм азмæ, цалынмæ уыцы азы фæндзæм
мæйы Йерусалимы цæрджыты уацары нæ
акодтой, уæдмæ.
4Дунедарæг мын фехъусын кодта Йæ ны-
хас: 5«Мады гуыбыны дæ нæма сæвзæрын
кодтон, афтæ дæ равзæрстон, гуырд нæма
уыдтæ, афтæ дæ адæмтæн пехуымпарæй
сæвæрдтон».
6Æз Ын дзуапп радтон: «О Дунедарæг Ху-
ыцау! Æз дзурынмæ нæ арæхсын, — нырма
æвзонг дæн». 7Фæлæ мын Дунедарæг загъ-
та: «Æвзонг дæн, зæгъгæ, ма дзур; кæдæм
дæ æрвитон, уырдæм цæудзынæ æмæ дын

цыдæриддæр бафæдзæхсон, уыдæттæ дзур-
дзынæ. 8Макæмæй тæрс, уымæн æмæ Æз
демæ дæн, — зæгъы Дунедарæг, — Æз дыл
Мæ арм дардзынæн».
9Дунедарæг радардта Йæ къух, бандзæвыд
мæ былтыл æмæ загъта: «Мæ ныхæстæ дын
бавæрдтон дæ комы. 10Абон дæ Æз адæмтæ
æмæ паддзахæдтæй фæуæлдæр кодтон, цæ-
мæй æд уидаг тонай æмæ сафай, дæрæн æмæ
афтид кæнай, аразай æмæ тауай».
11Дунедарæг мын фехъусын кодта Йæ ны-
хас: «Йеремиа, цы уыныс?» Æз дзуапп рад-
тон: «Æхсæры лæдзæг». 12Дунедарæг мын
загъта: «Раст уыныс, уымæн æмæ Æз Мæхи
цæттæ кæнын Мæ ныхас сæххæст кæнынмæ».
13Дунедарæг мын ногæй фехъусын кодта
Йæ ныхас: «Цы уыныс?» Æз Ын дзуапп рад-
тон: «Фыцгæ цæдджинаг, цæгатæрдыгæй
фæкъул ис». 14Дунедарæг мын загъта: «Ацы
зæххы цæрджытæм цæгатæй æрбагуылф
кæндзæн бæллæх. 15Æз цæгаты паддзахæдты
адæмтæм се ’ппæтмæ дæр фæсиддзынæн, —
зæгъы Дунедарæг, — уыдон æрбацæудзысты
æмæ сæ паддзахы къæлæтджынтæ Йеруса-
лимы кулдуары цур, йæ систы раз æмæ Иу-
дейы алы сахары дæр æрæвæрдзысты. 16Сæ
фыдракæндты аххосæй сын Æз цы тæрхон
рахастон, уый сын фехъусын кæндзынæн:
ферох Мæ кодтой, æцæгæлон хуыцæуттæн
буд сыгътой æмæ сæхи къухæй конд гуы-
мирытæм куывтой.
17Æрцæттæ кæн дæхи, цæугæ æмæ дын
цыдæриддæр бафæдзæхстон, уыдæттæ сын
фехъусын кæн. Ма сæ фæтæрс, науæд дæ
фесафдзынæн сæ разы. 18Абон Æз дæуæй
скодтон фидаргонд сахар, æфсæн цæджындз
æмæ æрхуы сис — ацы æппæт зæхх, Иудейы
паддзæхтæ æмæ æлдæрттæн, сауджынтæн
æмæ ацы зæххы адæмæн ныхкъуырд рат-
тынæн. 19Уыдон тох кæндзысты дæ ныхмæ,
фæлæ дыл нæ фæуæлахиз уыдзысты, уымæн
æмæ Æз демæ дæн, — зæгъы Дунедарæг, —
Мæ арм дыл дардзынæн».

**2** Дунедарæг мын фехъусын кодта Йæ ны-
хас: 2Ацу æмæ Йерусалимы хъæлæсыдзагæй
фехъусын кæн: афтæ зæгъы Дунедарæг: «Æз
хъуыды кæнын, де ’взонджы бонты Мыл ку-
ырдуаты бадæг чызгау æнувыд кæй уыдтæ,
уый, æдзæрæг быдырмæ, æнæконд зæхмæ,
рацыдтæ Мæ фæдыл. 3Израил Дунедарæгæн
Йæ уаз хай, Йæ хоры сæр уыди! Чи-иу æм
фæныхылдта, уыдонмæ æнхъæлмæ касти
тæрхон, фыд азар-иу сæ баййæфта», — зæ-
гъы Дунедарæг.
4Йаковы байзæддæгтæ, Израилы хæдзар-
вæндæгтæ! Уе ’ппæт дæр Дунедарæджы ны-
хасмæ байхъусут! 5Афтæ зæгъы Дунедарæг:
Уæ фыдæлтæ Мæм цавæр азым ссардтой,
цæмæн адард сты Мæнæй? Уыдон мæнгдзи-
нады фæдыл ацыдысты æмæ сæхæдæг дæр
смæнг сты. 6Дунедарæджы не ’рцагуырдтой
æмæ афтæ нæ загътой: «Уый нæ ракодта Мы-
сыры зæххæй; æдзæрæг быдыры, æнæдон
æмæ саудалынг бæстæйы, лæджы къах кæм
никуы ’рлæууыд æмæ цæрæг кæм нæ уыди,
уым-иу нæ размæ кодта».
7Æз уæ бакодтон сойджын зæхмæ, цæмæй
йын бафсæдат йæ хор æмæ йæ фарнæй, сы-
мах та Мын Мæ зæхмæ бацыдыстут æмæ
йæ фæчъизи кодтат, сæлгъаг Мын кодтат
Мæ исбон! 8Сауджынтæ Мæ нал агурынц,
Æгъдау амонджытæ Мæ нал зонынц. Уæ
фæтæгтæ Мæ ныхмæ сыстадысты, пехуым-
партæ сæ рагуацтæ дзурынц Баалы номæй,
æнæпайда гуымирытæн лæггад кæнынц.
9Уыдæтты тыххæй Æз сымахмæ — зæгъы
Дунедарæг, — уæ цот æмæ уæ цоты цот-
мæ фæсиддзынæн тæрхонмæ. 10Ацæут-ма
киттимæгты сакъадæхтæм æмæ фенут,
басгарут-ма Кедары зæхх æмæ базонут,
цымæ ацы зæххыл цы хъуыддæгтæ цæуы,
ахæмтæ искуы ’рцыди? 11Искæцы адæм
ма сæ хуыцæуттæй аздæхтысты, кæд æмæ
уыдон хуыцæуттæ не сты, уæддæр? Мæ
адæм та сæ кадджын Хуыцауы æнæпайда
гуымирытыл баивтой.
12Тæрсут, уæлæрвтæ, фыр тæссæй ныр-
ризут! — зæгъы Дунедарæг. — 13Мæ адæм
ракодтой дыууæ фыдракæнды: ныууагътой
Мæн, цардæгас доны Суадоны, æмæ сæхи-
цæн донуæттæ скодтой. Фæлæ уыдон пырх
сты, дон уромын нæу сæ бон.
14Ау, Израил цагъар у? Æви, ахстуаты чи
райгуырд, ахæм лæггадгæнæг? Цæмæн сси
æфтиаг?
15Æвзонг домбæйттæ йыл рыхынц, хъæ-
рæй йыл ныррыхыдысты æмæ йын йæ зæхх
æдзæрæг быдыр фестын кодтой; цæрæг дзы
нал ис, басыгъдысты сахартæ.
16Ноф æмæ Тахпанхесы цæрджытæ дын
ныппырх кодтой дæ сæр! 17Дæхи аххосæй
не ’рцыд уый дæуыл? Ды ныууагътай Дуне-
дарæджы, дæ Хуыцауы, афтæмæй дын Уый
фæндагамонæг уыди!
18Цæмæн цæуыс ныр Мысырмæ, Нилы
донæй нуазынмæ? Цæмæн лидзыс Асси-
римæ, Евфраты донæй нуазынмæ? 19Дæхи
фыдракæнд бафхæрдзæни дæу, дæ гадзрахат
дæ азымджын кæндзæни.

Уæдæ ахъуыды кæн æмæ бамбар: Дуне-
дарæджы, дæ Хуыцауы, дæ маст æмæ дæ
фыдбылызæн ныууагътай. Нæй дæм тас Мæ
разы, — зæгъы Дунедарæг, Уæларвæфсады
Бардарæг. — 20Рагзаманы дын Æз ныппырх
кодтон де 'фсондз, аскъуыдтон дын дæ бæн-
дæнтæ. Ды загътай: «Æз гуымирытæн нал
лæггад кæндзынæн». Фæлæ алы бæрзонд
къуыбырыл, алы къабузджын бæласы бын
хъахбай митæ кодтай! 21Хуыздæр сæнæф-
сирау, æвзæрст нæмыгау дæ ныссагътон, ды
та Мын фестадтæ æцæгæлон, сæнæфсиры
хъæддаг тала! 22Дæхи фæныкдоны куы цæх-
сай, уæд дæр Мæ разы не ссыгъдæг уыдзынæ!
Дæ тæригъæды къæм — Мæ разы! — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау.
23Куыд у дæ бон афтæ дзурын: «Сыгъдæг
дæн æз, Баалты фæдыл нæ цыдтæн!» Тъæ-
пæны куыд цардтæ, уый-ма æрымыс, цытæ
фæкодтай, уыдæттæ æрæмбар! Æвзонг сыл
теуаййау дыууæрдæм кодтай æдзухдæр!
24Сыл хæрæг æдзæрæг быдыры куы схъо-
мыл уа æмæ йын фыр монцæй уæлдæф дæр
куынæуал фаг кæна, уæд æй кæй бон суы-
дзæн бауромын? Кæй хъæуа, уый йæ æнцо-
нæй ссардзæни йæ хъазын афон.
25Дæхи бахъахъхъæн — бæгъæввадæй
куы аззайай, мыййаг, куы бахус уа дæ ком!
Фæлæ ды загътай: «Уыдон сты æнæпайда
ныхæстæ! Æз æцæгæлæтты уарзын æмæ
сæм цæудзынæн».
26Хуыснæджы давгæйæ куыд æрцахстой,
уыйау ныр фæхудинаг ис Израил — йæ адæм,
йæ паддзæхтæ, йе 'лдæрттæ, йæ сауджынтæ
æмæ йæ пехуымпартæ. 27«Мæ фыд», зæгъгæ,
бæласмæ дзурынц, «ныййарæг мад» схонынц
дур. Се 'ргом нæ, фæлæ Мæм сæ чъылдым
раздахынц! Бæллæхы заман та зæгъдзысты:
«Фæзын-ма, фервæзын нæ кæн!»
28Кæм сты уæ хуыцæуттæ, уæхæдæг кæй
сарæзтат, уыдон? Æрцæуæнт æмæ уæ уыдон
фервæзын кæнæнт уæ фыдбылызы заман,
кæд сæ бон у, уæд!
О Иудей, дæ сахартæ цæйбæрц сты, дæ
хуыцæуттæ дæр — уый бæрц!
29Тæрхон кæнын уæ Мемæ фæнды? Уе
'ппæт дæр аххосджын куы стут Мæ разы! —
зæгъы Дунедарæг. — 30Уæ фыртты уын Æз
дзæгъæлы æфхæрдтон: уæддæр Мын Мæ фæ-
дзæхстытæм нæ хъуыстой. Æгъатыр домба-
йау уæ кард уæ пехуымпарты аныхъуырдта!
31О абоны фæлтæр! Дунедарæджы ныхас
бамбарут! Мыййаг, Æз искуы Израилæн
æдзæрæг быдыр, саудалынг зæхх фестад-
тæн? Уæдæ цæмæн зæгъынц Мæ адæм:
«Кæдæм нæ фæнды, уырдæм цæудзыстæм,
нæ Дæм раздæхдзыстæм?»
32Ау, æнæцыд чызг йæ фæлындæнтæ ферох
кæны, кæнæ чындз — йæ чындздзон дарæс?
Мæн та Мæ адæм ферох кодтой раджы.
33Ды уарзт домынмæ арæхстджын вæййыс,
хъахбайты дæр ма ацахуыр кæндзынæ! 34Дæ
дарæсы фæччитыл — æнаххос мæгуырты
тугтæ! Хуыснæджытау сæ давгæйæ нæ бай-
йæфтай! 35Уæддæр зæгъыс: «Æз аххосджын
нæ дæн, мæ рæзты ацæудзæн Йæ маст».
Тæригъæдджын нæ дæн, зæгъгæ, кæй
дзырдтай, уый тыххæй дæ Æз дзуапп
æрдомдзынæн.
36Æппынæдзух цæмæн тындзыс кæдæм-
дæр, дæ фæндæгтæ цæмæн ивыс?
Ассири дæ сæгад кодта, Мысыр дæр дæ
фæхудинаг кæндзæн, 37дæ сæрыл хæцгæ,
лидздзынæ Мысырæй.
Дæ зæрдæ кæуыл дардтай, уыдонæй Ду-
недарæг Йе 'ргом аздæхта, æмæ семæ æн-
тыстджын нæ уыдзынæ.

**3** Лæг йæ бинойнаджы куы ауадза æмæ уый
æндæрмæ куы смой кæна, уæд ма йæм йæ
фыццаг лæг раздæхдзæн? Æмæ ахæм хъу-
ыддаг цы зæххыл æрцæуа, уый æгасæй дæр
нæ фæчъизи уыдзæн? Дæуæн та хæзгултæ
бирæ уыди, фæлæ Мæм раздæх! — зæгъы
Дунедарæг. — 2Скæс-ма къуыбыртæм: æл-
гъаг митæ кæм нæ фæкодтай, ахæм бынат
ма баззади? Араббаг лæг æдзæрæг быдыры
куыд фæбады, уыйау фæндаджы был бадтæ
æмæ дæ хæзгултæм æнхъæлмæ кастæ. Дæ
хæтын æмæ дæ мæнгард митæй фæчъизи
кодтай зæхх! 3Уый тыххæй Æз зæхмæ доны
'ртах нал æруагътон, æмæ уалдзыгон къæв-
датæ банцадысты.
Хъахбай сылау дæ цæсгом фесæфтай, фе-
рох дæ ис æфсарм! 4Ныр та Мæм дзурыс: «О
мæ Фыд, ме 'взонджы бонты Зондамонæг!
5Ау, никуы ссæудзæни Дæ маст, æнусмæ мæм
мæсты кæндзынæ?» Афтæ дзурыс, фæлæ
дæ бон цас у, уыйас фыдракæндтæ кæныс.
6Паддзах Иосиайы заман мæм Дунедарæг
раргом ис æмæ мын загъта: Ды Израилы
чызгæн, гадзрахатæй рацæуæгæн, йæ хъуыд-
дæгтæ иууылдæр федтай. Алы къуыбырмæ,
алы къабузджын бæласмæ цыди æмæ уым
хъахбай митæ кодта. 7Æмæ йын Æз йе 'ппæт
хъуыддæгты фæстæ загътон: «Раздæх Мæм!»
Фæлæ Мæм нæ раздæхти, æмæ уый йæ мæн-
гард хо Иудей дæр федта. 8Израилы чызджы,
сайдæй рацæуæджы, Æз йæ хъахбай миты
тыххæй куы арвыстон æмæ йын уагъды

æвдисæндар куы радтон, уæд федтон, йæ
мæнгард хо Иудей кæй нæ фæтарст, фæлæ
уый дæр æнæуаг митыл кæй бафтыд. 9Йе
’нæуромгæ хъахбай митæй фæчъизи кодта
зæхх, дуртæ æмæ бæлæстимæ хъахбай митæ
кодта. 10Æмæ Мæм мæнæ Иудей, Израи-
лы мæнгард хо, раздæхт, фæлæ зæрдиагæй
нæ, цæстмæ митæ кодта æрмæст, — зæгъы
Дунедарæг.

11Дунедарæг мын загъта: «Израилы чызг
мыл сайдæй рацыди, фæлæ йæ мæнгард
Иудей цæсгомджындæр у. 12Цæугæ æмæ
фехъусын кæн цæгаты: „Израилы чызг, гадз-
рахатæй рацæуæг, раздæх! — зæгъы Дуне-
дарæг. — Мæ маст дыл нæ ныккалдзынæн,
уымæн æмæ Æз хæрзаудæнгæнаг дæн, — зæ-
гъы Дунедарæг, — æмæ æнусмæ нæ мæсты
кæндзынæн. 13Æрмæст дæ фыдракæндыл
басæтт, уымæн æмæ Дунедарæджы, дæ Ху-
ыцауы, ныхмæ сыстадтæ, алы къабузджын
бæласы бын æцæгæлæттæн рæвдауæн митæ
кодтай æмæ Мын Мæ ныхасмæ нæ хъуыс-
тай“, — зæгъы Дунедарæг.

14Раздæхут, сабитæ, гадзрахатæй рацæу-
джытæ, — зæгъы Дунедарæг, — уымæн æмæ
Æз дæн уæ Сæрыхицау. Алы сахарæй дæр
Æз райсдзынæн иуы, алы хæдзарвæндагæй
дæр — дыууæйы, æмæ уæ æркæндзынæн
Сионмæ. 15Мæхи зæрдæмæ чи цæуа, ахæм
фыййæутты уын ратдзынæн, цæмæй уæ
уыдон куырыхонæй æмæ æмбаргæйæ хизой.
16Ацы зæххыл куы сбирæ уат, — зæгъы Ду-
недарæг, — уæд Дунедарæгæн Йæ Фидыды
Чырыны кой ничиуал скæндзæн, нал ыл
хъуыды кæндзысты æмæ йæ зæрдыл никæ-
мæнуал æрлæудзæн; нал æй æрымысдзысты
æмæ æндæр Чырын нал сараздзысты. 17Уыцы
заман Йерусалимы сахар схондзысты Дуне-
дарæджы паддзахы бадæн. Æппæт адæм-
тæ æрæмбырд уыдзысты Йерусалиммæ,
цæмæй Дунедарæджы номæн скад кæной.
Фыдзæрдæ æмæ хивастæй цы митæ кодтой,
уыдон ныууадздзысты. 18Уыцы заман Иудæ-
йы байзæддæгтæ Израилы фæстагæттæм
æрбацæудзысты æмæ цæгаты зæххæй, Æз
уæ фыдæлтæн исбонæн кæй радтон, уыцы
зæхмæ ацæудзысты».

19Æз загътон: «Мæ фыртыл дæ куыд баны-
майон? Бæллиццаг бæстæ, адæмты хуыздæр
исбон, дæуæн куыд раттон? Æз æнхъæлд-
тон, схондзынæ мæ дæ Фыд, гадзрахатæй
Мыл нæ рацæудзынæ. 20Фæлæ ус йæ мойы
мæнгардæй куыд асайы, уыйау Мыл сайдæй
рацыдтæ, Израил!» — зæгъы Дунедарæг.

21Къуыбыртæй хъуысы дзыназын, Израи-
лы фыртты кæуын æмæ лæгъстæтæ, уымæн
æмæ галиу фæндæгтыл ацыдысты, ферох
кодтой Дунедарæджы, сæ Хуыцауы!

22«Раздæхут Мæм, гадзрахатæй рацæуæг
цот! Æз уын уæ хивæнд зæрдæтæ сдзæбæх
кæндзынæн».

«Мæнæ Дæм фæцæуæм, уымæн æмæ Ды
Дунедарæг дæ, нæ Хуыцау! 23Къуыбыртыл,
фæлывдæй уæлдай, ницы ис, хæхтыл æр-
мæст — хъæлæбагæнæг æмбырдтæ. Æр-
мæстдæр Дунедарæг, нæ Хуыцау, фервæзын
кæндзæн Израилы! 24Не ’взонджы бонтæй
фæстæмæ нын уыцы æлгъæгтæ ныхъуырд-
той нæ фыдæлты фæллæйттæ, сæ фысты
æмæ сæ хъуццыты, сæ фыртты æмæ сæ чыз-
джыты. 25Не ’лгъаг миты аныгъуылдыстæм
æмæ фæхудинаг стæм, уымæн æмæ нæхæдæг
дæр æмæ нæ фыдæлтæ дæр Дунедарæджы,
нæ Хуыцауы раз, тæригъæдтæ фæкодтам; не
’взонджы бонтæй абоны онг мах Дунедарæ-
джы, нæ Хуыцауы, ныхасмæ нæ хъуыстам».

**4** 1-2«Израил, куы раздæхай, — зæгъы Дуне-
дарæг, — куы Мæм раздæхай æмæ де ’лгъæг-
тæ Мæ разæй куы айсай, хъеллау куынæуал
кæнай æмæ Дунедарæгæй ард куы бахæрай,
æцæг æмæ рæстаг куы уа дæ сомы, уæд дæ
фæрцы адæмтæ арфæгонд уыдзысты æмæ
дæ стаудзысты».

3Дунедарæг Иудей æмæ Йерусалимы цæр-
джытæн афтæ зæгъы: «Уæхицæн бахуым
кæнут ног зæхх, какон сындзыты ’хсæн ма
таут! 4Иудей æмæ Йерусалимы цæрджытæ,
Дунедарæджы сæраппонд уæхицæн сунæт
скæнут! Уæ зæрдæтæн скæнут сунæт, цæ-
мæй уæ фыдракæндты аххосæй Мæ маст
ма ссудза артау, æнæахуысгæ зынгирвæзтау.

5Фехъусын кæнут Иудейы, расидут Йеру-
салимы! Æгас бæстæйы сыкъауадындзтæй
уасут, хъæлæсыдзагæй хъæр кæнут: „Цомут
æмæ бырухгæд сахартæм алидзæм!“

6Уæ тырыса сисут нысанæн, цæмæй адæм
æрбацæуой Сионмæ! Æвæстиатæй лидзут,
уымæн æмæ уæм Æз цæгатæй æрбауадз-
дзынæн æбуалгъ фыдбылыз!

7Домбай рацыди тар хъæдæй, адæмты
сафæг араст ис балцы. Цæмæй дын дæ зæхх
æдзæрæг быдыр фестын кæна, уый тыххæй
йæ цæрæнбынат ныууагъта. Дæ сахартæ дын
ныззыгуым кæндзæн, иунæг цæрæг дзы нал
баззайдзæн.

8Уæдæ уæ уæлæ скæнут сæхъис, кæут æмæ
дзыназут, уымæн æмæ Дунедарæджы азарæй
нæ фервæздзыстут! 9Уыцы заман, — зæгъы

Дунедарæг, — паддзæхтæ æмæ уæздæттæн
фыр тæссæй сæ зæрдæтæ сæнкъуысдзысты,
сауджынтыл тас бахæцдзæн, пехуымпартæ
сагъдау аззайдзысты».
10 Æз загътон: «О Дунедарæг Хуыцау! Ау, Ды
ацы адæмы, Йерусалимы цæрджыты, сайгæ
акодтай, сабыр цардæй сын зæрдæ куы ба-
вæрдтай, уæд? Ау, кардæй сæ фæмардзысты?»
11 Уыцы заман ацы адæмæн, Йерусалимы
цæрджытæн, загъдæуыдзæн: «Æдзæрæг
быдыры бæгънæг къуыбыртæй Мæ адæмы
чызгыл судзгæ дымгæ радымдта, фæлæ хор
дымгæмæ ныддарынмæ æмæ йæ ссыгъдæг
кæнынмæ нæ 12 — æгæр тыхджын у уыцы
дымгæ, Мæ фæндонæй дымы. Рæстæг æрцыд,
æмæ сын Æз стæрхон кæндзынæн».
13 Мæнæ мигъау ссæуы, йæ бæхуæрдæт-
тæ — зилгæ дымгæйы ’нгæс; цæргæстæй
тагъддæр тæхынц йæ бæхтæ. О, додойаг
фестæм, не сæфт æрцыди!
14 Йерусалим! Фыддзинадæй ссыгъдæг
кæн дæ зæрдæ æмæ уæд фервæздзынæ. Дæ
чъизи хъуыдытæ кæдмæ æмбæхсдзынæ?
15 Ныридæгæн Данæй хъуысы хъæр, Ефремы
хæхтæй — сæфты уац.
16 Фехъусын кæнут адæмтæн, расидут
Йерусалимы: «Дард бæстæй æрбацæуынц
æнæнымæц æфсæдтæ, Иудейы сахарты сæ
тохы хъæртæ хъуысынц. 17 Быдыртæ хъахъ-
хъæнджытау æрлæууыдысты йæ алыварс,
уымæн æмæ Мæ ныхмæ сыстади», — зæгъы
Дунедарæг. — 18 Ды уыдæттæ дæ фæндæгтæ
æмæ дæ хъуыддæгты тыххæй æвзарыс, дæ
фыдракæндты аххосæй хъизæмарæй мæлыс.

19 О зæрдæ, зæрдæ! Фырвæллад баци зæрдæ
фыр рыстæй, фæйнæрдæм тоны, нал зонын
æнцой — сыкъауадындзты уасын æмæ тохы
хъæртæ хъусын.
20 Иу фыдбылыз иннæйы ивы, æгас бæс-
тæ хæлæттаг фæци. Бабын сты иу уысммæ
мæ цатыртæ, цæсты фæныкъуылдмæ — мæ
халагъудтæ!
21 Тырысатæм кæдмæ кæсдзынæн, сыкъа-
уадындзты уасынмæ кæдмæ хъусдзынæн?
22 «Æнæзонд сты Мæ адæм — нæ Мæ зо-
нынц; æдылы сабитау сæ сæры зонд нæй.
Фыдбылыз саразынмæ — зондджын, хæр-
зиуæг ракæнынмæ та нæ арæхсынц».
23 Кæсын зæхмæ — сафтид ис бынтондæр,
скастæн арвмæ — рухсы цъыртт дзы нæй.
24 Хæхтæм кæсын, æмæ æнкъуысынц, къуы-
быртæ æмризæджы нырризынц. 25-26 Кæсын,
æмæ цъиуызмæлæг нал зыны, уæларвон
мæргътæ ивуылдæр алырдæм фæтахтысты,
дидинæгкалæг бæстæ æдзæрæг быдыр фес-
тади. Ныппырх сты йæ сахартæ Дунедарæ-
джы фæндонæй, Йæ судзгæ мастæй.
27 Дунедарæг афтæ зæгъы: «Ацы зæхх æга-
сæй дæр хæлæттаг фæуыдзæн, фæлæ йæ
бынтон нæ фесафдзынæн. 28 Ныдздзыназ-
дзæн зæхх, ныссау уыдзæнис арв йæ сæр-
мæ, уымæн æмæ Æз ахæм тæрхон рахастон.
Мæ фæндон нæ аивдзынæн, сæххæст æй
кæндзынæн.
29 Сахарты цæрджытæ лидзæг фесты фа-
тæхсджытæ æмæ барджыты уынæрæй, хæх-
тæм æмæ тар хъæдтæм лидзынц. Сахартæ
сафтид сты иууылдæр, иунæг цæрæг дзы
нал баззад.
30 О, удхарæй кæй амардтой, уыцы зæхх!
Цы кæндзынæ ды та? Дæхи-иу сæнт сырх
æмæ сыгъзæрин дарæстæй сфæлыстай, са-
хуырстай-иу дæ цæстытæ. О, дзæгъæлы-иу
сфæлыстай дæхи! Дæ хæзгултæ дыл æлгъ
кæнынц, дæ мæлæтмæ бæллынц».
31 Æз хъусын хъæр — Сионы чызг арæг
сылгоймагау хъæрзы; фыццаг хатт чи ары,
уыйау йæ къухтæ ивазы: «О, додойаг фæдæн!
Лæгмарты раз æдых дæн!»

**5** «Æрзилут-ма Йерусалимы уынгты, æр-
кæсут, базонут-ма, ацагурут фæзты: цымæ
дзы иу раст адæймаджы ссариккат, рæст-
дзинадмæ чи тырны, ахæмы, — уæд Æз ацы
сахарæн ныббардзынæн!
2 Уыдон сомы кæнынц Дунедарæгæй, фæлæ
сæ сомытæ мæнг сты».
3 О Дунедарæг! Ау, Дæ цæст рæстдзинад нæ
уыны? Дæрæн сæ кæныс, фæлæ сæм рыст нæ
хъары, ныццæгъдыс сæ, фæлæ зонды къахыл
не ’рлæууынц. Дуртæй хъæбæрдæр систы,
фæсмон кæнын сæ зæрды нæй!
4-5 Æз мæхинымæр загътон: «Уыдон мæгу-
ыр æмæ æнæзонд сты, Дунедарæджы фæндаг
æмæ сæ Хуыцауы Æгъдау нæ зонынц. Стыр
æлдæрттæ та сæ зонынц, цæуон æмæ семæ
ныхас кæнон. Фæлæ уыдон дæр ныппырх
кодтой се ’фсондз, атыдтой сæ рæхыстæ.
6 Уый тыххæй сæм тар хъæдæй æрбабырста
домбай, быдираг бирæгъ сæ æргæвды, сæ
сахарты цур бабады фыранк: сахарæй чидæ-
риддæр рацæуа, уый аскъуыдтæ кæндзысты,
уымæн æмæ сæ фыдракæндтæ сбирæ сты,
сæ гадзрахатæн кæрон нал ис».
7 «Куыд дын хъуамæ ныббарон? Дæ цот Мæ
ныуагътой, мæнг хуыцæуттæй ард хæрынц!
Æз-иу сæ бафсæстон, уыдон та хъахбай ми-
тæ кодтой æмæ хæтаг сылты хæдзæрттæм
тыгуыртæй цыдысты. 8 Хæрзхаст бæхтау

схъахбай сты, алчидæр дзы мыр-мыр кæны
кæйдæр усмæ. 9Ау, Æз сæ уыдæтты тыххæй
нæ бафхæрдзынæн? — зæгъы Дунедарæг. —
Ау, ахæм адæмæй Мæ маст нæ райсдзынæн?

10Йæ систæм ын схизут æмæ сæ ныппырх
кæнут, фæлæ кæронмæ нæ. Йæ дыргъдæттæ
йын ныззыгуым кæнут, уымæн æмæ уыдон
Дунедарæджы адæм нал сты. 11Израил æмæ
Иудæйы хæдзарвæндæгтæ Мыл гадзрахатæй
рацыдысты, — зæгъы Дунедарæг.

12Уыдон Дунедарæгыл цъыфкалæн код-
той æмæ дзырдтой: „Дунедарæг нæй! Ницы
фыдбылыз ныл æрцæудзæн, нæдæр кард,
нæдæр стонг бавзардзыстæм“.

13Уыцы пехуымпартæ дымгæйæ уæлдай
не сты, Дунедарæджы ныхас сæм нæй, сæ
ныхæстæ сæхиуыл æрцæуæнт».

14Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
зæгъы: «Афтæ кæй дзурынц, уый тыххæй
Æз Мæ ныхæстæ арт фестын кæндзынæн
дæ дзыхы, ацы адæм та фестдзысты сугтæ,
æмæ сæ уыцы арт аныхъуырдзæн.

15Израилы хæдзарвæндаг, — зæгъы Дуне-
дарæг, — дæ ныхмæ тох кæнынæн Æз дар-
дæй æрбакæндзынæн рагон æмæ тыхджын
адæмы. Се 'взаг сын нæ зоныс, æмæ сын сæ
ныхæстæ не 'мбардзынæ. 16Сæ фатдонтæ —
гом ингæнтæ, сæ алы хæстон дæр — бæгъа-
тыр. 17Уыцы адæм дын аныхъуырдзысты дæ
тыллæг æмæ дæ хор, дæ фыртты æмæ дæ
чызджыты, дæ фысты æмæ дæ галты, дæ
сæнæфсиртæ æмæ дæ легъуи бæлæстæ. Бы-
рутæй æхгæд сахартæ — ныфсджын кæмæй
дæ, уыдон — ныддæрæн кæндзысты кардæй.

18Фæлæ уæ суанг уыцы бонты дæр, — зæ-
гъы Дунедарæг, — кæронмæ нæ фесафдзы-
нæн. 19Æмæ адæм куы фæрсой: „Æппæт
адæттæ нын цæмæн æвзарын кæны Дуне-
дарæг, нæ Хуыцау?“ — уæд-иу сын дзуапп
ратт: „Кæй Йæ ныууагътат æмæ уæхи зæх-
хыл æндæр хуыцæуттæн кæй лæггад кодтат,
уый тыххæй æцæгæлон зæххыл æндæрбæс-
тæгтæн лæггад кæндзыстут“.

20Йаковы байзæддæгтæн фехъусын кæнут,
расидут Иудæйы: 21Байхъусут, æдылы æмæ
æнæзонд адæм, цæстытæ кæмæн ис, фæлæ
уынгæ чи нæ кæны, хъустæ кæмæн ис, фæлæ
къуырма чи у! 22Ау, хъуамæ сымах ма тæр-
сат Мæнæй? — зæгъы Дунедарæг. — Ау, фыр
тæссæй Мæ разы хъуамæ ма ризат?

Æз денджызæн змисæй скодтон æнусон
арæн, æмæ денджызæн нæй ахизæн йæ сæр-
ты. Ныййарц вæййынц уылæнтæ, фæлæ сæ
бон нæу арæныл фæуæлахиз уæвын, сабу-
хынц, фæлæ арæны сæрты сæ бон ахизын
нæу. 23Ацы адæм та хивæнд æмæ æнæсæттон
сты, фæзылдысты æмæ ацыдысты. 24Сæ-
хинымæр афтæ нæ загътой: „Фæтæрсæм
Дунедарæгæй, нæ Хуыцауæй. Фæззæджы
æмæ нын уалдзæджы афойнадыл къæвдатæ
Уый ратты, хуымгæрдæнты къуыритæ нын
Уый сбæлвырд кодта“. 25Уæ фыдракæндты
тыххæй сымахæй æппæт уыдæттæ байс-
тæуыд, уæ тæригъæдты аххосæй æнæхай
фестут фарнæй.

26Мæ адæмы 'хсæн ис фыдгæнджытæ.
Мæргъты чи ахсы, уыдонау рæсæны баба-
дынц, адæмы ахсынæн сæвæрынц къæп-
пæджытæ. 27Маргъæй йедзаг къалатийау
сæ хæдзæрттæ байдзаг сты мæнгдзинадæй,
скадджын æмæ схъæздыг сты. 28Снард сты,
сæ буæрттæ фыр нæрдæй æрттивынц, сæ
фыдракæндтæн кæрон нал ис. Сидзæрты
хъаст сæхи пайдайæн æвзарынц, раст тæр-
хон нæ кæнынц, нæ хъахъхъæнынц мæ-
гуырты бартæ. 29Ау, ахæм адæмæй Æз Мæ
маст нæ райсдзынæн? — зæгъы Дунедарæг.

30Тæссаг æмæ æбуалгъ хъуыддæгтæ цæуы
зæххыл: 31пехуымпартæн сæ рагуацтæ мæнг
сты, се 'ххуысæй сауджынтæ хицауиуæг
кæнынц, Мæ адæмæн та уыдæттæ сты æх-
сызгон. Æмæ æппæт уыдæтты фæстæ цы
фæуыдзыстут?

**6** Бениамины байзæддæгтæ, лидзгæут Йе-
русалимæй! Текоайы сыкъауадындзтæй
уасут, Бет-Керемы нысанæн арт ссудзут,
уымæн æмæ уæм цæгатæй фæзындзæни
бæллæх, æвирхъау сæфт!

2Æз фесафдзынæн Сионы чызджы, буцхаст
æмæ рæсугъд чи у, уый. 3Æд рæгъæуттæ йæм
æрбацæудзысты фыййæуттæ, йæ алыварс
айтындздзысты сæ цатыртæ; алчидæр дзы
йæ фос хиздзæн йæхи зæххы хайыл».

4 «Уæхи срæвдз кæнут йæ ныхмæ
    хæцынмæ!
Сыстут, æмбисбон араст
    уыдзыстæм!» —
«Нæй гæнæн, бон фæфæуы,
изæры аууæттæ æрбадтысты!» —
5 Сыстут æмæ æмбисæхсæв ацæуæм,
ныппырх ын кæнæм йæ фидæрттæ!

6Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Бæлæстæ акалут æмæ Йерусалимы ных-
мæ хæцынæн саразут бырутæ. Ацы сахар
баййафдзæн æфхæрд, уымæн æмæ бай-
дзаг ис æфхæрдæй. 7Донгуырæны дон ку-
ыд пæлхъ-пæлхъ кæны, уыйау фыдмитæ,

стыгъд æмæ тыхми пæлхъ-пæлхъ кæнынц
сахары, Мæ цæстыты раз æдзух — цæфтæ
æмæ хъæдгæмттæ!
[8]Йерусалим, дæхи æрæмбар, цæмæй дæ Ме
'ргом ма аздахон æмæ дæ æдзæрæг быдыр
ма фестын кæнон!»
[9]Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Израилæй ма цы баззади, уыдон иууылдæр
сæнæфсирау, фæстаг гагайы онг, æртон-
дзысты. Сæнæфсир тонæгау къалиутæм
баиваз дæ къух!»
[10]Кæмæн дзурон, кæмæн амонон зонд, чи
хъусдзæн? Сæ бон нæу хъусын, уымæн æмæ
сæ нæ фæнды. Уыдон æлгъ кæнынц Дуне-
дарæджы ныхасыл, æнæуынон сын у. [11]Æз
байдзаг дæн Дунедарæджы мастæй, мæ бон
æй нал у уромын!
«Сывæллæттыл, стæй, уынджы чи æрæм-
бырд, уыцы лæппутыл æй ныккал! Нæлгой-
мæгтæ æд устытæ, стæй, сæ царды бонтæ
кæмæн фæвæййынц, уыцы зæронд лæгтæ
уацары бахаудзысты. [12]Сæ хæдзæрттæ, сæ
быдыртæ æмæ сæ устытæ æцæгæлæтты хай
бауыдзысты, уымæн æмæ Æз ацы зæххы
цæрджыты ныхмæ Мæ къух сисдзынæн, —
зæгъы Дунедарæг. — [13]Иууылдæр, стырæй,
чысылæй, æрмæст æфтиагмæ бæллынц, пе-
хуымпарæй сауджыны онг мæнгард сты сæ
хъуыддæгтæ. [14]Мæ адæмы хъæдгæмттæ дзæ-
бæх кæнынц æнæсæрфатæй, сабыр цардæй
сын зæрдæтæ æвæрынц, афтæмæй сабыр-
дзинадæн йæ кой дæр нæй. [15]Æмæ се 'лгъаг
миты фæстæ æфсæрмы кæнынц, мыййаг?
Нæ, æфсæрмы кæнын сæ хъуыдыйы дæр нæй,
къæмдзæстыгдзинад цы у, уый зонгæ дæр
нæ кæнынц. Æмæ уый тыххæй дзыхъмард
фæуыдзысты, Мæ азары бон афæлдæхдзыс-
ты зæххыл», — зæгъы Дунедарæг.

[16]Дунедарæг афтæ зæгъы: «Фæндаг кæм
акъабуз ис, уыцы ран æрлæууут æмæ акæсут
уæ алыварс. Рагон фæндæгты тыххæй, раст
фæндаг кæм ис, уымæй æрфæрсут æмæ уы-
цы фæндагыл цæут, уæд æнцой ссардзысты
уæ удтæ. Фæлæ уыдон дзуапп лæвæрдтой:
„Нæ цæудзыстæм“.
[17]Æз сын сæ сæргъы хъахъхъæнджыты
сæвæрдтон æмæ загътон: „Сыкъауадындзы
уасынмæ хъусут!“ Фæлæ уыдон дзуапп рад-
той: „Нæ хъусдзыстæм“.
[18]Уæдæ байхъусут, адæмтæ! Æмбырды
адæм, базонут, цы сæм æнхъæлмæ кæсы,
уый!
[19]Байхъус, зæхх! Æз ацы адæмыл бæл-
лæхтæ 'руадздзынæн. Сæхи фæндтæ сæ
расайдзысты, уымæн æмæ Мын Мæ ны-
хæстæм нæ хъуыстой æмæ Ме 'Гъдауыл сæхи
атигъ кодтой.
[20]Савайæ Мын ласынц буд, дард бæстæй —
хæрздæфгæнаг хъæз. Цæмæн Мæ хъæуынц
уыдæттæ? Уæ иууылсудзинæгтæ Мын æх-
сызгон не сты, хъыг Мын сты уæ нывæндтæ».
[21]Уымæ гæсгæ Дунедарæг афтæ зæгъы:
«Мæнæ Æз ацы адæмы размæ æвæрын цæлх-
дуртæ; фæкæлдзысты сыл, фесæфдзысты
фыдæй, фыртæй, сыхæгтæ сæ хæлæрттимæ
бабын уыдзысты».
[22]Дунедарæг афтæ зæгъы: «Цæгатаг бæс-
тæй æрбацæуынц адæм, зæххы кæрæттæй
хъомысджын адæм сыстадысты! [23]Æрцытæ
æмæ фаттæй — ифтонг, æгъатыр æмæ дур-
зæрдæ сты уыдон. Сæ хъæр у денджызы
гуыр-гуырау, æфсæддонтæ хæстæввонгæй
згъорынц сæ бæхтыл дæ ныхмæ хæцынмæ,
Сионы чызг!»

[24]Сæ кой сын фехъуыстам æмæ нæ къухтæ
æруагътам, арæг устытау фыр рыстæй хъи-
зæмар кæнæм. [25]Ма рацæут быдыртæм, фæн-
дæгтæм ма цæут, уымæн æмæ алырдыгæй
дæр — кардæлвæст знæгтæ, æвирхъау тас!
[26]Мæ адæмы чызг! Дæ уæлæ сæхъис скæн,
рыджы сæвдул дæхи! Дæ иунæг фыртыл
кæуæгау дæ сау цæссыг згъал æмæ дзыназ —
æвиппайды нæм фæзындзæн нæ сафæг.
[27]«Йеремиа, Æз дæуæй сарæзтон згъæр-
тайынгæнæг, мæ адæмæй та — згъæрдур,
цæмæй, сæ хъуыддæгтæ цæй аргъ сты, уый
базонай. [28]Уыдон иууылдæр хивæнд æмæ
æнæсæттон сты, кæрæдзиуыл цъыфкалæн
кæнынц æмæ уый фæрцы цæрынц. Æрхуы
æмæ 'фсæйнагæй уæлдай не сты, иууылдæр
схъахбай сты.
[29]Куырдадзтæ сзынг сты, зды батадис ар-
ты, фæлæ згъæртайынгæнæг дзæгъæлы ар-
хайдта, — фыдгæнджытæ нæ фæхицæн сты.
[30]Хъодыгонд æвзист сæ схондзысты, уымæн
æмæ сæ Дунедарæг Йе 'ргом аздæхта».

**7** Дунедарæг Йеремиайæн фехъусын кодта
Йæ ныхас: [2]«Дунедарæджы хæдзары кулду-
ары раз æрлæуу æмæ фехъусын кæн: „Æгас
Иудей, уе 'ппæт дæр Дунедарæджы ныхасмæ
байхъусут! Ацы кулдуарыл Дунедарæгæн
бакувынмæ чидæриддæр æрбацæуы, уыдон
иууылдæр хъусæнт!“»
[3]Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Ху-
ыцау, афтæ зæгъы: «Уæ фæндæгтæ æмæ уæ
хъуыддæгтæ сраст кæнут, æмæ уæ Æз ацы
зæххыл цæргæйæ ныууадздзынæн. [4]Уæ

зæрдæ ма дарут мæнг ныхæстыл: „Ам ис
Дунедарæджы Кувæндон!“ 5Уæ фæндæг-
тæ æмæ уæ хъуыддæгтæ куы сраст кæнат
æмæ алкæмæн дæр раст тæрхон куы кæнат,
6æндæрбæстаг, сидзæр æмæ идæдзы куы
не ’фхæрат, ацы бынаты æнаххос адæмы
туг куынæ калат æмæ уæхи фыдæнæн æн-
дæр хуыцæуттæм куынæ куват, 7уæд уæ Æз
ацы ран, уæ фыдæлтæн кæй радтон, уыцы
зæххыл, мыггагмæ цæргæйæ ныуурадздзы-
нæн. 8Сайæн ныхæстыл уæ зæрдæ дарут,
фæлæ уын уыдон ницы пайда æрхæсдзысты.
9Сымах давут, марут, хæтут, мæнг сомытæ
кæнут, Баалæн буд судзут æмæ, кæй нæ зыд-
тат, уыцы æндæр хуыцæуттæм кувут. 10Уый
фæстæ æрбацæут æмæ, Мæ ном цы хæдзарыл
æвæрд ис, уым Мæ разы æрлæуут æмæ фæ-
зæгъут: „Мах фервæзтыстæм!“ — цæмæй та
дарддæр æппæт уыцы æлгъаг митæ кæнат.
11Æмæ, Мæ ном цы хæдзар хæссы, уый, сы-
махмæ гæсгæ, абырджыты лæгæт сси?! Æз
уыдæттæ иууылдæр уынын! — зæгъы Дуне-
дарæг. 12— Уæдæ ацæут Силоммæ, Мæ номæн
раздæр цы бынат снысан кодтон, уырдæм:
Мæ адæмы, Израилы, фыдракæндты тыххæй
Силомæн цытæ бакодтон, уый фенут. 13Æмæ
ныр, æппæт уыдæттæ кæй кæнут, — зæгъы
Дунедарæг, — кæд æмæ уын Æз æдзухдæр
дзырдтон, фæлæ нæ хъуыстат, сидтæн уæм,
фæлæ дзуапп нæ лæвæрдтат, 14уый тыххæй
Æз, Мæ ном цы хæдзарыл æвæрд ис æмæ
уæ зæрдæ кæуыл дарут, уымæн, стæй, сы-
мах æмæ уæ фыдæлтæн кæй радтон, уыцы
зæххæн, Силомæн цы бакодтон, уый ба-
кæндзынæн! 15Ме ’ргом уæ аздахдзынæн, уе
’фсымæрты, Ефремы байзæддæгты, Мæхи-
цæй куыд аппæрстон, афтæ.

16Ды та ацы адæмы тыххæй мауал кув, ма
Мæм хат æмæ Мын ма лæгъстæ кæн, уымæн
æмæ дæм Æз нæ хъусдзынæн. 17Ау, Иудейы
сахарты æмæ Йерусалимы уынгты цытæ кæ-
нынц, уый нæ уыныс? 18Сывæллæттæ сугтæ
æмбырд кæнынц, сæ фыдæлтæ арт ссудзынц,
сылгоймæгтæ та хыссæ скæнынц, цæмæй уæ-
ларвы ус-хуыцауæн гуылтæ фыцой. Цæмæй
Мæн смæсты кæной, уый тыххæй æндæр
хуыцæуттæн сæн æмæ сойы хуынтæ æрба-
хæссынц. 19Фæлæ уыдæттæ Мæ фыддæра-
гæн кæнынц? — зæгъы Дунедарæг. — Сæхи
фыдæнæн — сæ худинагæн!»

20Уымæ гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы: «Мæ маст ныккæлдзæн ацы бына-
тыл, адæм æмæ фосыл, быдираг бæлæстæ
æмæ зæххы тыллæгыл, ссудздзæн æмæ нал
ахуысдзæн!»

21Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуы-
цау, афтæ зæгъы: «Уæ иннæ нывæндтимæ-иу
иууылсудзинæгтæ дæр хæссут æмæ дзидза
хæрут. 22Фæлæ уæ Мысырæй куы ракодтон,
уæд Æз уæ фыдæлтæн иууылсудзинæгтæ
æмæ нывæндты тыххæй ницы бафæдзæхс-
тон. 23Æрмæст сын бафæдзæхстон: „Мæ ны-
хасмæ Мын хъусут, æмæ Æз уыдзынæн уæ
Хуыцау, сымах та — Мæ адæм. Цы уын фæ-
дзæхсон, уыдæттæ кæнут æмæ æнæмастæй
цæрдзыстут“. 24Фæлæ уыдон нæ байхъуыс-
той, хивæнд æмæ нæсæттон уыдысты, се
’ргомы бæсты Мæм сæ чъылдым раздæхтой.

25Уæ фыдæлтæ Мысырæй куы рацыдыс-
ты, уæдæй абонмæ уæм бонæй-бонмæ, ног
æмæ ногæй æрвыстон Мæ лæггадгæнджы-
ты — пехуымпарты. 26Фæлæ Мæм нæ хъуыс-
тат, хивæнд уыдыстут æмæ уæ фыдæлтæй
фыддæр фестут.

27Æппæт уыдæттæ сын куы дзурай, уæд
дæм нæ байхъусдзысты, сиддзынæ сæм, фæ-
лæ дын дзуапп нæ ратдзысты. 28Уæд-иу сын
зæгъ: „Мæнæ, Дунедарæджы, йæ Хуыцауы,
коммæ чи нæ кæсы æмæ зондамындмæ чи
нæ хъусы, уыцы адæм! Фесæфти рæстдзинад,
се ’взагæй фæцыдæр!“

29Дæ дадалитæ акъуыр æмæ сæ фехс!
Къуыбыртыл хъарæг кæн, уымæн æмæ Ду-
недарæг ацы фæлтæрæй, чи Йæ смæсты
кодта, уыдонæй Йе ’ргом аздæхта!

30Иудейы цот Мæ разы фыдракæндтæ
кæнынц, — зæгъы Дунедарæг. — Мæ ном
цы хæдзарыл æвæрд ис, уым се ’лгъæгтæ
сæвæрдтой æмæ йæ фæчъизи кодтой. 31Хин-
номы фырты дæлвæзы, Тофеты, кувæн къуы-
биртæ скодтой, цæмæй дзы сæ фыртты æмæ
сæ чызджыты арты нывондæн хæссой. Уый
сын Æз нæ бафæдзæхстон! Нæу Мын æхцон!

32Æрцæудзæн ахæм заман, — зæгъы Ду-
недарæг, — æмæ уыцы бынат Тофет æмæ
Хинномы фырты дæлвæз нал хондзысты,
фæлæ Æргævдæн тæрф, æмæ Тофеты зæххыл
ингæнтæн бынат нал фаг кæндзæн. 33Ацы
адæмы мæрдтæ уæларвон мæргътæн æмæ
зæххон сырдтæн холлаг суыдзысты, æмæ
сæ иуварс асурæг нæ уыдзæн. 34Иудейы са-
харты æмæ Йерусалимы уынгты цин æмæ
бæрæгбоны уынæрæн Æз кæрон скæндзы-
нæн. Усгур æмæ чындзы хъæлæстæ нал
хъуысдзысты, ацы зæхх æдзæрæг быдыр
фестдзæн.

**8** Уыцы заман, — зæгъы Дунедарæг, — Иуде-
йы паддзæхты æмæ стыр хицæутты стджы-
тæ, стæй сауджынты, пехуымпарты æмæ

Йерусалимы цæрджыты стджытæ ингæнтæй
раппардзысты. 2Хур æмæ мæйы, стæй æппæт
уæларвон æфсады — кæй уарзтой, кæмæн
лæггад кодтой æмæ кæй фæдыл цыдысты,
кæй фарстой æмæ кæмæн куывтой, уыдо-
ны бын сæ ныххæлиу кæндзысты. Ничи сæ
æрæмбырд кæндзæн, фаджысау зæххыл
лæзæрдзысты. 3Уыцы фыд адæмæй ма чи
аирвæза, уыдоны Æз кæдæмфæнды куы
фæсурон — алы ран дæр сын мæлæт цардæй
бæллиццагдæр суыдзæн, — зæгъы Уæлар-
вæфсады Бардарæг.

4Зæгъ сын: афтæ зæгъы Дунедарæг: Ау,
адæймаг куы ’рхауа, уæд фæстæмæ сысты-
ныл нæ архайдзæн; йæ фæндагæй чи адзæ-
гъæл вæййы, уый фæстæмæ нæ раздæхы?
5Уæдæ ацы адæм Мæнæй се ’ргом цæмæн
аздæхтой, Йерусалим æдзух хъеллау цæмæн
кæны? Мæнгдзинадыл фидар хæцынц, фæс-
мон кæнын сæ зæрды нæй. 6Лæмбынæг сæм
хъуыстон, фæлæ рæстдзинад нæ дзурынц,
йæ фыдракæндтыл дзы иу дæр нæ фæсмон
кæны. Цы бакуыстон, зæгъгæ, ничи дзуры,
цыма бæх тохы быдыры размæ ныййарц
вæййы, уыйау алчидæр йæхи фæндагмæ
згъоры.

7Къадз дæр ма арвыл йæ рæстæг зоны, бæ-
лон, зæрватыкк æмæ хърихъупп дæр зонынц
се ’ртæхыны афон. Мæ адæм та Дунедарæ-
джы ’гъдæуттæ нæ зонынц!

8Куыд у уæ бон афтæ дзурын: „Мах ку-
ырыхон стæм, Дунедарæджы Æгъдау не-
мæ ис“? Динамонджыты мæнг ныхæстæ
уыцы Æгъдау дæр смæнг кодтой! 9Куыры-
хонтæ фæхудинаг сты, тас сыл бахæцыд
æмæ къæппæджы бахаудысты. Цæй мидæг
ис сæ уæлзонд, кæд æмæ Дунедарæджы
ныхасæй се ’ргом аздæхтой, уæд? 10Уый
тыххæй сын Æз сæ устыты æндæртæн рат-
дзынæн, сæ быдыртæ та — ног хицæуттæн.
Уымæн æмæ стырæй, чысылæй мулкмондаг
сты, сауджынæй, пехуымпарæй — мæнгард.
11Æнæсæрфатæй дзæбæх кæнынц Мæ адæмы
хъæдгæмттæ, сабыр цардæй сын зæрдæтæ
æвæрынц, афтæмæй сабырдзинадæн йæ кой
дæр нæй. 12Æмæ се ’лгъаг миты фæстæ æф-
сæрмы фæкæнынц, мыййаг? Нæ, æфсæрмы
кæнын сæ хъуыдыйы дæр нæй, къæмдзæс-
тыгдзинад цы у, уый зонгæ дæр нæ кæнынц.
Уый тыххæй дзыхъмард фæуыдзысты, Мæ
азары бон афæлдæхдзысты зæххыл, — зæ-
гъы Дунедарæг.

13Æз сын сæ тыллæг бабын кæндзынæн, —
зæгъы Дунедарæг, — сæнæфсиры талайыл
иунæг цупал дæр нал баззайдзæн, легъуи
бæласыл дыргъ нæ фæзындзæн, бахус уы-
дзæн йæ сыфтæр. Цыдæриддæр сын радтон,
уыдон сæ фæстæмæ байстæуыдзæн».

14«Цæмæн кæнæм фæстиат? Æрæмбырд ут,
бырутæй æхгæд сахартæм фæлидзæм æмæ
уым æнцой ссарæм нæхицæн! Фесафын нæ
сфæнд кодта Дунедарæг, нæ Хуыцау, марг-
джын дон нын дары, уымæн æмæ Йæ разы
тæригъæдтæ фæкодтам. 15Сабыр цардыл
нæ зæрдæ дарæм, фæлæ хорзæй ницы уы-
нæм, сдзæбæхмæ ’нхъæлмæ кæсæм, фæлæ
фæзынд æвирхъау тас!

16Данæй бæхты хуыррыт хъуысы, зæхх
нынкъуысы уырсыты мыр-мырæй! Æр-
бацыдысты знæгтæ, ныхъуырынц зæхх,
цыдæриддæр ыл ис, уыдон, сахартæ æд
цæрджытæ».

17«Æз уæм æрвитын маргджын кæлмыты,
кæлæнтæ сыл нæ тых кæнынц, хæцдзысты
уыл», — зæгъы Дунедарæг.

18«О, удхарæй мæлын, мæ зæрдæ риссы!
19Дард бæстæй Мæ адæмы æрдиаг хъуысы:
„Ау, Сионы Дунедарæг нæй? Ау, Паддзах дзы
нал ис?“»

«Цæмæн Мæ мæсты кодтой сæ гуыми-
рытæй, æндæрбæстаг мæнг хуыцæуттæй?»

20«Хуымгæрдæн афон нал у, сæрд фæци,
фæлæ мах нæма фервæзтыстæм».

21«Хъæрзын мæ адæмы цæфтæй! Саудa-
лынг мыл æртыхсти, стыр тас мыл бахæцыд.
22Ау, Галаады æвдадзы хос нæй? Ау, иу дох-
тыр дзы нал ис? Мæ адæмы хъæдгæмттæн
сдзæбæхы амал цæуылнæ ис?»

**9** Мæ сæр куы фестид æнæхъæнæй
цæссыгтæ,

> мæ цæстытæ — цæссыгдоны гуырæн,
> æхсæвæй-бонæй уæд дзыназин æз
> мæ адæмæн сæ мæрдтыл!

> 2 Æдзæрæг быдыры
> цæрæнбынат куы ссарин,
> уæд ацæуин, мæ адæмы ныууадзин.
> Се ’ппæт дæр — хъахбайтæ,
> гадзрахатæйцæуджыты дзуг!

3«Мæнг ныхæстæ дзурынæн се ’взæгтæ
фатау нылвæстой, мæнгдзинады фæрцы
стыхджын сты зæххыл. Сæ фыдбылызтæн
нæй кæрон. Нæ зонынц Мæн, — зæгъы Дуне-
дарæг. — 4Алчи йæ хæларæй дæр хъахъхъæ-
нæд йæхи, æфсымæрыл дæр ма æууæндут.
Алы æфсымæр дæр — фæлитой, алы хæлар
дæр — цъыфкалæг. 5Алчи йе ’мбалы сайы
æмæ йын раст ныхас нæ дзуры. Се ’взæгтæ
ахуыр сты мæнгдзинадыл.

6Ды цæрыс мæнгарддзинады æхсæн, мæн-
гард сты, Мæн зонын сæ нæ фæнды», — зæ-
гъы Дунедарæг.
7Уымæ гæсгæ Уæларвæфсады Бардарæг
афтæ зæгъы: «Æз сæ стайын кæндзынæн,
бафæлвардзынæн сæ! Уæдæ æндæр Мæ адæ-
мæн цы бакæнон?
8Се ’взаг — мæлæтдзаг фат, сæ дзыхтæ —
семыдзаг мæнгдзинадæй. Сыхаджы æрмæст
дзыхы ныхасæй уарзынц, сæ мидзæрдæйы
та сæвæрынц ахсæн хызтæ. 9Ау, Æз сæ уый
тыххæй нæ бафхæрдзынæн? — зæгъы Ду-
недарæг. — Ау, ахæм адæмæй Мæ маст нæ
райсдзынæн?»
10Кæудзынæн хæхтыл, хъарæг сыл кæн-
дзынæн, дзыназдзынæн тыгъд быдырты
сæрвæттыл! Басыгъдысты, иу цæуæг сыл
нал ис, нал хъуысы фысты дзугты бæгъ-бæгъ.
Уæларвон мæргътæ фæтахтысты, ныххæлиу
сты сырдтæ.
11«Йерусалимы сахар Æз хæлддзæгты кæри
фестын кæндзынæн, хъæддаг куыйты цæ-
рæнбынат. Иудейы сахартæ æдзæрæг быдыр
фестдзысты, цæрæг сæ нал ныууадздзынæн».
12Уыдæттæ бамбарыны фаг уæлзонд кæ-
мæ ис? Кæимæ дзырдта Дунедарæг, æппæт
адæттæ йæ бон бамбарын кæнын кæмæн у,
уыцы адæймаг чи у? Цæмæн бабын ис ацы
зæхх? Æдзæрæг быдырау цæмæн басыгъд,
иу цæуæг ыл цæуылнæуал ис?
13Дунедарæг загъта: «Æз сын цы Æгъдау
радтон, уый кæй нал æххæст кодтой, кæй
Мæм нæ хъуыстой æмæ Ме ’Гъдаумæ гæсгæ
кæй нæ цардысты, уый тыххæй. 14Хивæнд
уыдысты æмæ Баалтæн лæггад кодтой, сæ
фыдæлтæй куыд сахуыр сты, афтæ».
15Уымæ гæсгæ Уæларвæфсады Бардарæг,
Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы: «Æз ацы адæ-
мæн скъæлдзо бахæрын кæндзынæн, марг-
джын дон сын бадардзынæн. 16Сæхæдæг дæр
æмæ сæ фыдæлтæ дæр кæй нæ зыдтой, уыцы
адæмты ’хсæн сæ ныххæлиу кæндзынæн,
цалынмæ бынтондæр сыскъуыйой, уæдмæ
сæ кардимæ сурдзынæн».
17Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Ахъуыды кæнут, хъарæггæнæг устытæм
фæдзурут, уадз æмæ æрбацæуой. Хъарæг
кæнынмæ сæ дæсныдæр чи у, уыдонмæ ар-
витут, уадз æмæ æрбацæуой».
18Рæвдздæр æрбацæуæнт æмæ ныл ныхъ-
хъарæг кæнæнт, нæ цæссыг цæстытæй куыд
фемæхса æмæ фыр куыдæй суадæттау куы
акæла, афтæ!
19Сионæй хъуысы хъарæг: «О, додой! Мæнæ
нæ куыд бастыгътой! Мæнæ куыд фæхудинаг
стæм! Фæцæуæм нæ зæххæй, ныппырх сты
нæ хæдзæрттæ!»
20Сылгоймæгтæ, байхъусут Дунедарæ-
джы ныхасмæ! Хъусут Ын Йæ ныхæстæм
лæмбынæг! Уæ чызджыты хъарæг кæнын
сахуыр кæнут, кæрæдзийæн зæрдæриссæн
зарджытæ амонут! 21Мæлæт мидæмæ хи-
зы нæ рудзгуытæй, бырсы нæ галуантæм;
уынгты нын цæгъды нæ сабиты, фæзты нын
мары нæ лæппуты.
22Фехъусын сын кæн: афтæ зæгъы Дуне-
дарæг: «Адæмы мæрдтæ, быдырты цы фа-
джыс фæлæзæры, хуымгæрдæг йæ фæстæ
цы мæнæуы куыристæ ныууадзы, уыдонау
зæххыл лæзæрдзысты, чи сæ æрæмбырд
кæна, уый нæ уыдзæн».
23Дунедарæг афтæ зæгъы: «Куырыхон
хъал ма уæд йæ зондæй, тыхджын — ты-
хæй, хъæздыг — йæ мулкæй. 24Йæхицæй
чи æппæлы, уый Мæн кæй зоны æмæ Мæн
кæй æмбары, уымæй æппæлæд.
Æз, Дунедарæг, зæххыл аразын хорз хъу-
ыддæгтæ æмæ раст тæрхон, уымæн æмæ
Мын уыдæттæ æхсызгон сты», — зæгъы
Дунедарæг.
25«Ахæм рæстæг æрцæудзæн, — зæгъы
Дунедарæг, — æмæ Æз, æрмæстдæр буары
сунæт чи скодта, уыдонæн стæрхон кæн-
дзынæн. 26Æз бафхæрдзынæн Мысыр æмæ
Иудейы, Едом æмæ Аммоны фыртты, Моав
æмæ æдзæрæг быдыры цæрджыты — сæ
къæмисæнтæ æлвынæг адæмы. Иннæ адæм-
тæ сунæтгонд не сты, фæлæ Израил дæр йæ
зæрдæйæн сунæт не скодта».

**10** Израилы байзæддæгтæ, байхъусут, Ду-
недарæг уын цы зæгъы, уымæ!
2Афтæ зæгъы Дунедарæг: «Æндæр адæм-
ты фæндæгтыл уæхи ма ахуыр кæнут æмæ,
иннæ адæмтæ цы æрвон æвдисæйнæгтæй
тæрсынц, уыдонæй ма тæрсут. 3Уымæн æмæ
адæмтæн ис ницæйаг æгъдæуттæ: хъæды
акалынц бæлас, хъæддæсны йæ бабæстон
кæны фæрæтæй, 4сфæлындынц æй сыгъ-
зæрин æмæ æвзистæй æмæ, цæмæй фидар
лæууа, уый тыххæй йæ дзæбуг æмæ зæгæл-
тæй ныххойынц. 5Гуымирытæ, джитъри-
ты хуымы цы быдыргъ фæлæууы, уымæй
уæлдай не сты: сæ бон дзурын нæу, хæссын
сæ хъæуы, уымæн æмæ цæуын нæ зонынц.
Ма сæ тæрсут — сæ бон уын фыдбылыз са-
разын нæу, фæлæ уын хорзæй дæр ницы
ракæндзысты».
6О Дунедарæг, никуы ис Дæу хуызæн!
О, стыр дæ Ды, хъомысджын у Дæ ном! 7О,

адæмты Паддзах, чи нæ фæтæрсдзæн Дæуæй! Кады аккаг æрмæстдæр Ды дæ! Æппæт паддзахæдты, адæмты æппæт куырыхонты ’хсæн Дæуæн æмбал нæй!
[8]Гуымирытæ æнæзонд сты, зондцухтæ. Уыдон цæуыл хъуамæ сахуыр кæной адæмы? [9]Таршишæй сласынц æвзист, Уфазæй — сыгъзæрин. Згъæртайынгæнæг æмæ нывгæнæг сæ бабæстон кæнынц, сæ уæлæ сын скæнынц сæнт сырх хъуымацæй дарæс, сфæлындынц сæ гиацинтæй, се ’ппæт дæр — æрмдæсныты куыст.
[10]Æрмæстдæр Дунедарæг у æцæг Хуыцау, Уый у цардæгас Хуыцау æмæ æнусон Паддзах. Йæ мастæй сæнкъуысы зæхх, адæм æдых сты Йæ масты раз.
[11]Зæгъут сын: «Арв æмæ зæхх цы гуымирытæ не сфæлдыстой, уыдон фæдæлдзæх уыдзысты».
[12]Уый Йæ хъомысæй сфæлдыста зæхх, Йæ уæлзонды фæрцы сфидар кодта дуне, æгæрон зондæй айтыгъта уæлæрвтæ. [13]Уый куы фæзæгъы, уæд къæвда рауары, зæххы кæрæттæй мигътæ сисы. Тæрккъæвдайы рæстæг Уый рарвиты æрвæрттывдтæ, Йе ’вæрæнтæй рауадзы дымгæ.
[14]Æдылытæ сты адæм, зонынад сæм нæй; згъæртайынгæнæг йæхи худинаг кæны джиппыуагъд гуымирытæй, йæ кæрдгæнывтæ сты мæнг, уд сæ нæй. [15]Хулæг æмæ ницæйаг сты уыдон, сæ тæрхоны заман фесæфдзысты. [16]Фæлæ Йаковæн æндæр уыдзæн йæ хъысмæт. Æппæтдæр Чи сфæлдыста, Уый — йæ Хуыцау, израилæгтæ — Йæ исбон æмæ Йæ адæм, Йæ ном — Уæларвæфсады Бардарæг.
[17]О асадæны бадæг! Дæ папитæ æрæмбырд кæн æмæ ныууадз дæ бæстæ, [18]уымæн æмæ Дунедарæг афтæ зæгъы: «Ныр æз ацы зæххы цæрджыты фæсурдзынæн, фыдбылызы сæ баппардзынæн, се знæгтæ сæ куыд æрцахсой, афтæ».

[19]О, додойаг фæдæн! Удхарæй мæлын, мæ хъæдгæмттæ риссынц, фæлæ зæгъын мæхицæн: «О хъизæмар, быхсдзынæн дын!»
[20]Мæ цатыр — афтид, йæ бæндæнтæ иуцылдæр — скъуыд, мæ фырттæ мæ ныууагътой, фæцыдæр сты. Ныр мын мæ цатыр чи айтындздзæн, чи йын æрцауындздзæни йе ’мбæрзæнтæ?
[21]Фыййæуттæн сæ зонд фæцыди. Дунедарæджы нæ агурынц, æмæ сæ хъуыддæгты æнтыстджын нал сты, сæ рæгъæуттæ ныххæлиу сты.
[22]Мæнæ айхъуысти уац, цæгатаг зæххæй æвирхъау уынæр хъуысы! Иудейы сахартæ æдзæрæг быдыр фестдзысты, хъæддаг куыйты цæрæнбынат.
[23]Дунедарæг, æз базыдтон, адæймаг йæ цардвæндагæн хицау кæй нæу, уый, фæндаггонæн йæ къахдзæфтыл йæ бар кæй нæ цæуы.
[24]О Дунедарæг, бафхæр мæ, æрмæст мæстыйæ нæ! Аккаг æфхæрд мын ратт, фæлæ мæ сафгæ ма фæкæн! [25]Дæу чи нæ зоны æмæ Дын Дæ ном чи нæ ары, уыцы адæмтыл Дæ маст ныккал, уымæн æмæ уыдон аныхъуырдтой, бабын кодтой Йаковы, йæ хæдзæрттæ йын сафтид кодтой.

**11** Дунедарæг Йеремиайæн загъта: [2]«Байхъус ацы фидыды ныхæстæм, Иудей æмæ Йерусалимы цæрджытæн сæ фехъусын кæн. [3]Зæгъ сын: „Афтæ зæгъы Дунедарæг, Израилы Хуыцау: ацы фидыды ныхæстæм чи нæ хъусы, уый æлгъыст у. [4]Æз уын уæ фыдæлты Мысыры зæххæй, æфсæйнаг тайынгæнæн куынцгомæй, куы ракодтон, уæд сын ацы фидыд æххæст кæнын бафæдзæхстон, загътон сын: Мæ ныхасмæ Мын хъусут, цыдæриддæр уын фæдзæхсон, уыдæттæ кæнут, æмæ уыдзыстут Мæ адæм, Æз та — уæ Хуыцау. [5]Æмæ уæд Æз сæххæст кæндзынæн, уæ фыдæлтæн уын цы сомы ракодтон, уый, æхсыр æмæ мыд цы зæххæй хъары æмæ абоны онг уæ къухы чи ис, уыцы зæхх сын ратдзынæн, зæгъгæ“».
Æз дзуапп радтон: «Аммен, Дунедарæг!»
[6]Дунедарæг мын загъта: «Ацы ныхæстæ Иудейы сахартæ æмæ Йерусалимы уынгты фехъусын кæн. Зæгъ-иу: „Ацы фидыды ныхæстæм хъусут æмæ сæ æххæст кæнут! [7]Уæ фыдæлты уын Мысырæй куы ракодтон, уæдæй абонмæ сын æдзухдæр фæдзæхстон: ‚Мæ ныхасмæ Мын хъусут‘. [8]Фæлæ уыдон нæ хъуыстой æмæ сæ хъус ницæмæ ’рдардтой, иуулдæр хивастæй цардысты. Уымæ гæсгæ, ацы фидыды цы ныхæстæ ис, æххæст кæнын сын кæй бафæдзæхстон æмæ кæй не ’ххæст кодтой, уыдон сын Æз иууылдæр сарæзтон сæ ныхмæ“».
[9]Дунедарæг мын загъта: «Иудей æмæ Йерусалимы цæрджыты ’хсæн сæвзæрди фыдвæнд. [10]Сæ фыдæлты Мæ ныхæстæм хъусын нæ бафæндыд, æндæр хуыцæутты фæдыл адзæгъæл сты æмæ сын лæггад кодтой. Адон дæр сын фæзмынц сæ фыдракæндтæ. Израил æмæ Иудæйы байзæддæгтæ, сæ фыдæлтимæ сын цы фидыд сарæзтон, уый фехæлдтой».
[11]Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг: «Мæнæ сыл Æз фыдбылыз æруадздзынæн,

æмæ дзы сæ бон фервæзын не суыдзæн.
Хъæрахст Мæм кæндзысты, фæлæ сæ нæ
фехъусдзынæн. 12 Æмæ уæд Иудейы сахар-
тæ æмæ Йерусалимы цæрджытæ, хæрз-
дæфгæнæнтæ цы хуыцæуттæн судзынц,
уыдонмæ дзыназдзысты, фæлæ сын бæл-
лæхы заман уыдон ницæмæй феххуыс
уыдзысты.

13 О Иудей! Дæ сахартæ цæйбæрц сты, дæ
хуыцæуттæ дæр — уый бæрц! Йерусалимы
цал уынджы ис, уал нывондхæссæны дзы
сæвæрдтат, цæмæй сыл æлгъаг Баалæн буд-
судзæн кæнат!

14 Ды там Мæм ацы адæмы тыххæй ма-
уал кув, ма Мæм хат æмæ Мын лæгъстæ ма
кæн — бæллæхы заман Мæм хъæрахст куы
кæной, уæд сæ нæ фехъусдзынæн.

15 Мæ уарзонæн Мæ Хæдзары цы ис? Йæ
фыдракæндтæ сбирæ сты. Нывондаг дзидза
дæ куыд айсон, дæ фыдракæндтыл цин куы
кæныс, уæд?

16 Дунедарæг дæу хуыдта дидинæгкалæг,
диссаджы дыргътæ кæуыл ис, ахæм оливæ
бæлас. Фæлæ йæ тыхджын уады уынæримæ
арты басыгъта, ныссастысты йæ къалиутæ.
17 Фыдбылыз дыл бафтыдта Уæларвæфсады
Бардарæг, Чи дæ ныссагъта, Уый, уымæн
æмæ Израил æмæ Иудæйы байзæддæгтæ
фыдракæндтæ фæкодтой, Баалæн хæрздæф-
гæнæнтæ кæй сыгътой, уымæй Мæ мæсты
кодтой».

18 Дунедарæг мын радзырдта сæ фыдвæнд,
æмæ йæ базыдтон, сæ хъуыддæгтæ мын
раргом кодта! 19 Мæн та, æууæндаг уæрыккау
æргæвдынмæ фæцæйкодтой, мæ ныхмæ мын
цы фыдвæндтæ аразынц, уый нæ зыдтон.
Уыдон загътой: «Фесафæм дидинæгкалæг
бæлас, уадз æмæ удæгæсты ’хсæн мауал уа,
ферох уа йæ ном». 20 Фæлæ Уæларвæфсады
Бардарæг раст тæрхон кæны, уд æмæ зæрдæ
фæлвары. Уадз æмæ фенон, мæ маст мын
куыд райсдзынæ, уый, уымæн æмæ мæ хъу-
ыддаг Дæ бар бакодтон.

21 Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг
Анатоты цæрджыты тыххæй, дæ мæлæтмæ
дын чи бæллы æмæ дын афтæ чи дзуры: «Ду-
недарæджы номæй пехуымпариуæг ма кæн,
науæд дæ амардзыстæм». 22 Уæларвæфсады
Бардарæг уыдоны тыххæй афтæ зæгъы: «Мæ
азары хай сæ бакæндзынæн! Сæ лæппуты
сын бабын кæндзæн кард, сæ фырттæ æмæ
сæ чызджытæ сыдæй амæлдзысты. 23 Иунæг
дæр дзы нæ фервæздзæн, уымæн æмæ сæ
тæрхоны заман Æз Анатоты цæрджытыл
фыдбылыз бафтаудзынæн».

**12** О Дунедарæг, Ды дæ раст Хуыцау, æмæ
Дæумæ хæссын мæ хъаст! Æз Демæ дзур-
дзынæн рæстдзинадыл!

Æнæхуыцæуттæ æнтыстджын цæмæн сты,
мæнгардтæ — амондджын? 2 Ныссагътай сæ,
æмæ сæ уидæгтæ арф ауагътой, сырæзтыс-
ты, æмæ сыл дыргътæ фæзынди. Æдзух Дæ
кой кæнынц, фæлæ сæ зæрдæтæй дард дæ.

3 Дунедарæг, мæн та зоныс, цы зæрдæ Дæм
дарын, уый уыныс. Фыстау сæ æргæвдæнмæ
акæн, фæхицæн сæ кæн æргæвдынæн!

4 Кæдмæ дзыназдзæн зæхх, быдырты кæр-
дæг кæдмæ хус кæндзæн? Зæххон цæрджыты
аххосæй сæфынц цæрæгойтæ æмæ мæргътæ,
уымæн æмæ уыдон дзурынц: «Нæ фæндæгтæ
нын Уый нæ уыны».

5 «Адæмимæ фистæгæй згъоргæйæ, сау-
вæллад куы бадæ, уæд барджытимæ ерыс
куыд кæндзынæ? Сабыр зæххыл-иу куы
ахаудтæ, уæд Иорданы был пыхсбыны цы
фæуыдзынæ? 6 Суанг дыл де ’фсымæртæ
æмæ дæ хæдзаронтæ дæр гадзрахатæй ра-
цыдысты, хъæр кæнынц дæ фæдыл. Хæ-
ларзæрдæйæ дæм куы дзурой, уæд дæр-иу
сыл ма бауæнд.

7 Æз ныууагътон Мæ Хæдзар æмæ Мæ ис-
бон, æппæтæй зынаргъдæр Мын цы у, уый
знæгты къухтæм радтон. 8 Мæ исбон, тар
хъæды цы домбай цæры, уый æнгæс сси: ры-
хы Мæныл, æнæуынон Мын фестад. 9 Мæ ис-
боны алыварс тугдзых мæргътæ æрæмбырд
сты, цыма хъулон тугдзых маргъ у, уыйау.

Цæугæут æмæ æппæт быдираг сырдты
æрæмбырд кæнут! Уадз æмæ Мын аныхъуы-
рой Мæ исбон!

10-11 Æнæнымæц фыййæуттæ Мын саф-
тид кодтой Мæ сæндон, бассæстой Мын
Мæ исбон, Мæ уарзон зæхх Мын æдзæрæг
быдыр фестын кодтой, сафтид ис æмæ кæуы.
Гæныстонмæ æрцыд æгас зæхх, æмæ уый
нымады дæр никæмæ у.

12 Гæныстонгæнджытæ фæцæуынц æдзæ-
рæг быдыры къуыбыртыл, Дунедарæджы
кард æгас зæхх ныхъуыры, æмæ иу уд дæр
æнцой нал зоны.

13 Мæнæу байтыдтой, фæлæ какон сын-
дзытæ æркарстой, сæхи дзæгъæлы удхарæй
фæмардтой.

Хор уæм кæй не ’рзад, уый тыххæй фыр
тæссæй нырризут — Дунедарæджы маст
уæм ссыгъди!»

14 Дунедарæг афтæ зæгъы: «Мæ адæмæн,
Израилæн, цы исбон балæвар кодтон, уы-
мæ чи бахъавыд, уыцы фыдзæрдæ сыхæг-
ты Æз сæ зæххæй срæдувдзынæн, Иудæйы

мыггаджы та ратондзынæн се 'хсæнæй. 15Куы
сæ ратонон, уæд та сын ныббардзынæн æмæ
дзы алкæй дæр йæ зæххы хаймæ раздахдзы-
нæн. 16Æмæ кæд æцæгæлæттæ Мæ адæмы
фæндæгтыл сахуыр уой æмæ Дунедарæджы
номæй сомы кæной, кæддæр сæхæдæг Мæ
адæмы Баалæй сомы кæнын куыд сахуыр
кодтой, афтæ, уæд Мæ адæмы 'хсæн æр-
фидар уыдзысты. 17Чи Мæм нæ байхъуса,
уыцы адæмæн та сæ мыггаг сыскъуыйын
кæндзынæн æмæ фесафдзынæн», — зæгъы
Дунедарæг.

**13** Дунедарæг мын загъта: «Ацу æмæ дæ-
хицæн гæн хъуымацæй рон балхæн. Дæ ас-
тæуыл æй æрбабæтт, æцæг-иу æй ма ных-
хуылыдз кæн».
2Æз Дунедарæджы ныхас сæххæст код-
тон: рон балхæдтон æмæ йæ мæ астæуыл
æрбабастон.
3Дунедарæг мын ногæй загъта: 4«Райс, кæй
балхæдтай, уыцы рон, Евфраты доны былмæ
ацу æмæ йæ айнæджы скъуыды бамбæхс».
5Æз Евфраты доны былмæ ацыдтæн æмæ
мын Дунедарæг куыд бафæдзæхста, афтæ
рон айнæджы скъуыды бамбæхстон. 6Дзæв-
гар рæстæг куы рацыди, уæд та мын Дунеда-
рæг загъта: «Ацу Евфраты доны былмæ æмæ
дын кæй бамбæхсын кодтон, уыцы рон райс».
7Æз ацыдтæн Евфраты доны былмæ æмæ
рон, кæм æй бамбæхстон, уырдыгæй скъах-
тон, фæлæ бамбыди, ницæмæнуал бæззыд.
8Æмæ мын Дунедарæг загъта: 9«Афтæ зæ-
гъы Дунедарæг: раст афтæ басæтдзынæн Иу-
дейы хъалдзинад æмæ Йерусалимы æгæрон
сæрыстырдзинад дæр. 10Ацы 'взæр адæмы
Мæ ныхæстæм хъусын нæ фæнды, хивæн-
дæй цæрынц, æндæр хуыцæуттæм кувынц,
лæггад сын кæнынц æмæ ацы ронау ницæ-
мæнуал сбæздзысты. 11Ацы рон адæймаджы
буармæ куыд хæстæг у, афтæ Æз Израил æмæ
Иудæйы байзæддæгты æрбаввахс кодтон
Мæхимæ, — зæгъы Дунедарæг, — цæмæй
суой Мæ адæм, Мæ цыт æмæ Мæ кад, фæлæ
Мæм нæ байхъуыстой.
12Зæгъ сын: „Дунедарæг, Израилы Хуы-
цау, афтæ зæгъы: алы сæны мигæнæн дæр
сæнæй байдзаг кæнынц". Уыдон дын дзу-
апп ратдзысты: „Ау, æмæ йæ нæхæдæг нæ
зонæм, алы сæны мигæнæны дæр сæн кæй
ныккæнынц, уый?" 13Уæд-иу сын зæгъ: „Ду-
недарæг афтæ зæгъы: ацы зæххæн йе 'ппæт
цæрджыты — Давиды бадæны чи бады, уыцы
паддзæхты, сауджынты, пехуымпарты æмæ
Йерусалимы æппæт цæрджыты — се 'ппæты
дæр Æз байдзаг кæндзынæн сæнæй, куыд
ныррасыг уой, афтæ. 14Кæрæдзиуыл сæ нып-
пырх кæндзынæн, фыдæй, фыртæй, — зæгъы
Дунедарæг. — Нæ сыл бацауæрддзынæн, нæ
сын фæтæригъæд кæндзынæн æмæ нæ ныб-
бардзынæн, ныццæгъддзынæн сæ"».
15Байхъусут лæмбынæг, сæрыстыр ма ут,
уымæн æмæ Дунедарæг дзуры. 16Сыстаут
Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, цалынмæ Уый
нæ баталынг кодта дуне æмæ саудалынджы
нæ фæкалдыстут, уæдмæ. Рухсмæ 'нхъæлмæ
кæсдзыстут, фæлæ йæ Уый тар æмæ сауда-
лынг фестын кæндзæн. 17Ацы ныхæстæм ку-
ынæ байхъусат, уæд æз сусæгæй кæудзынæн,
сæрыстыр кæй стут, ууыл. Нал бахус уыдзæн
Мæ цæссыг, уымæн æмæ Дунедарæджы дзуг
уацары бахаудзæн.
18Паддзах æмæ йæ мадæн зæгъ: «Сæрныл-
лæгæй æрбадут зæххыл, уымæн æмæ уæ
кады худтæ æрхаудысты». 19Знæгтæ Негевы
сахартыл æрхъула кодтой, æмæ сæ чи фер-
вæзын кæна, уый нæй! Æгас Иудейы уацары
фæкæнынц, фæстаг лæджы онг уацайраг сси!
20«Акæсут-ма, цæгатæрдыгæй чи æрба-
цæуы, уыдонмæ! Кæм ис дæ рæгъау ныр, дæ
диссаджы рæсугъд фосы дзуг цы фæци? 21Цы
зæгъдзынæ, дæхицæн хицауиуæг кæнын кæй
сахуыр кодтай, уыдон дæм куы фæзыной,
уæд? Арæг усау хъизæмар кæндзынæ, 22хи-
нымæр фæрсдзынæ, æппæт адæттæ цæмæн
æвзарын, зæгъгæ. Æнæнымæц тæригъæдтæ
фæкодтай, æмæ дын ныр сфæлдæхтой дæ
фæччи, фæхынджылæг дæ кодтой.
23Ау, эфиопаг йæ царм аивдзæн, науæд
фыранк? Уæдæ сымахæн дæр уæ бон хорз
хъуыддæгтæ кæнын нæу, уымæн æмæ фыд-
ракæндтæ кæнынил сахуыр стут.
24Æдзæрæг быдыры дымгæ рыг куыд фæ-
хæссы, афтæ уæ Æз ныххæлиу кæндзынæн.
25Дæ хал у уый, Æз дын ахæм хъысмæт снысан
кодтон, — зæгъы Дунедарæг, — кæй Мæ ферох
кодтай æмæ дæ зæрдæдарæн мæнгдзинад кæй
сси, уый тыххæй. 26Дæ фæччи дын дæ цæсгом-
мæ сфæлдахдзынæн, цæмæй фæхудинаг уай!
27Быдыры цы къуыбыртæ ис, уыдоныл
дын Æз де 'нæуаг митæ, дæ чъизи монцтæ
æмæ дæ хъахбай митæ уыдтон. О, додойаг
фæдæ, Йерусалим! Дæ чъизитæй кæд ссыгъ-
дæг уыдзынæ?»

**14** Дунедарæг Йеремиайæн, хурхæтæн
заман кæй ралæудзæн, уый фехъусын кодта.
2Кæуы Иудей, йæ кулдуæрттæ фæлмæ-
цынц, ныссау сты, лæзæрынц зæххыл; Йе-
русалимæй хъарæг хъуысы.

3Уæздæттæ сæ лæггадгæнджыты донмæ
арвитынц, уыдон æрцæуынц цъайтæм, фæ-
лæ дон нæ арынц. Фæстæмæ афтид дурынти-
мæ здæхынц, рохстæй æмæ æфсæрмхуызæй
сæ сæртæ бамбæрзынц.
4Зæхх æнæ донæй ныскъуыдтæ ис, зæхкус-
джытæ къæмдзæстыгæй сæ сæртæ ’мбæр-
зынц. 5Суанг быдираг хъуаз дæр йæ ног-
гуырды ныууадзы, уымæн æмæ кæрдæг нæй.
6Хъæддаг хæрджытæ къуыбыртыл лæууынц,
хъæддаг куыйтау ныхъуырынц уæлдæф; сæ
цæстæнгас ныттар — кæрдæг сын нæй.
7О Дунедарæг! Нæ хъуыддæгтæ ныл ком-
дзог цæуынц, фæлæ нæ сæрыл рахæц Дæ
номы сæраппонд, кæд нæ гадзрахаттæ æнæ-
нымæц сты æмæ Дæ разы тæригъæдтæ фæ-
кодтам, уæддæр.
8Израилæн йæ зæрдæдарæн Ды дæ, бæл-
лæхы заман — Ирвæзынæнæг! Ацы зæххæн
æцæгæлон цæмæн сдæ ныр, æрмæст æхсæ-
виуат бакæнынмæ йæ фæндагæй чи фæзилы,
уыцы бæлццонау? 9Рохст лæджы, фервæзын
кæнын нæ йæ бон кæмæн нæу, ахæм хæстоны
хуызæн цæмæн сдæ?
О Дунедарæг, не ’хсæн куы цæрыс, Дæ
ном ныл куы сæвæрдæуыд! О, ма нæ ныу-
уадз, курæм!
10Дунедарæг ацы адæмы тыххæй афтæ
зæгъы: «Уыдон уарзынц лекка кæнын, бау-
ромæн сын нал ис, æмæ сын Дунедарæг хæр-
заудæн нал кæны; сæ фыдракæндтæ сын
æрымысдзæн ныр, сæ тæригъæдты тыххæй
сæ бафхæрдзæн».
11Дунедарæг мын загъта: «Ацы адæмы
фарны сæраппонд Мæм ма кув. 12Ком куы
дарой, уæд сын Æз сæ кæуын нæ фехъусдзы-
нæн. Уыдон Мын иууылсудзинæгтæ æмæ
хойраджы хуынтæ æрхæсдзысты, фæлæ сæ
Æз нæ айсдзынæн, кард, стонг æмæ рынæй
сæ ныццæгъддзынæн!»
13Уæд æз загътон: «О Дунедарæг Хуыцау!
Пехуымпартæ сын дзурынц: „Сымах кард нæ
фендзыстут æмæ стонг нæ бавзардзыстут.
Æз уын ацы бынаты балæвар кæндзынæн
фидар сабырдзинад“».
14Æмæ мын Дунедарæг загъта: «Пехуым-
партæ Мæ номæй мæнг ныхæстæ дзурынц.
Æз сæ нæ арвыстон, ницы сын бафæдзæхстон
æмæ семæ нæ дзырдтон. Рагуацты хуызы
уын дзурынц мæнг цæстылуайæнтæ, тутт
кæлæнтæ æмæ сæхи гæды ныхæстæ».
15Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг:
«Æз сæ нæ арвыстон, афтæмæй Мæ номæй
афтæ цы пехуымпартæ зæгъынц, ацы зæх-
хыл нæдæр кард, нæдæр стонг уыдзæни,
зæгъгæ, уыдон сæхæдæг кард æмæ стон-
гæй амæлдзысты. 16Æмæ, пехуымпариуæг
цы адæмæн кæнынц, уыдон дæр кард æмæ
стонгæй фесæфдзысты. Йерусалимы уынг-
ты лæзæрдзысты æмæ сæ баныгæнæг нæ
уыдзæн — сæхи дæр, стæй сæ устытæ, сæ
фырттæ æмæ сæ чызджыты дæр. Цы фыд-
былызы аккаг сты, уый сын Æз бавзарын
кæндзынæн.
17Ацы ныхæстæ сын фехъусын кæн».
Æхсæвæй-бонæй ма бахус уæд мæ цæссыг,
уымæн æмæ мæ адæмы чызгæн тынг арф у
йæ хъæдгом, уæззау сты йæ цæфтæ. 18Бы-
дырмæ рацæуон — кардæй кæй фæмардтой,
уыдон, сахармæ бацæуон — æххормæгтæ
удхарæй мæлынц. Пехуымпарæй, сауджы-
нæй сдзæгъæл сты, цы кусынц, уый нал
æмбарынц.
19Ау, Иудейы бынтон аппæрстай Дæхи-
цæй? Ау, Сион Дын æнæуынон сси? Ахæм
цæф нын цæмæн ныккодтай? Сдзæбæхы
амал нын куынæуал ис! Сабырдзинадмæ
æнхъæлмæ кастыстæм, фæлæ хорзæй ницы
уынæм, æнхъæлмæ кастыстæм сдзæбæхмæ,
нæ алыварс та — æвирхъæу бæллæхтæ.
20Дунедарæг, нæхи æмæ нæ фыдæлты
фыдракæндтыл сæттæм, фæтæригъæдджын
стæм Дæ разы. 21Фæлæ нæ Дæ номы сæрап-
понд ма аппар, Дæ кадджын паддзахы бадæн
æгады бынатмæ ма ’руадз. Немæ кæй сарæз-
тай, уыцы фидыд æрымыс, ма йæ фехал.
22Ау, адæмты гуымирытæн сæ бон къæв-
да раттын у? Ау, арв нын йæхæдæг ратдзæн
къæвда? Нæ Дунедарæг æмæ нæ Хуыцау Ды
нæ дæ? Дæуыл дарæм нæ зæрдæ, уымæн
æмæ æппæт уыдæттæ Ды аразыс.

**15** Дунедарæг мын загъта: «Мæ разы суанг
Моисей æмæ Самуел куы æрлæууыдаик-
кой, уæд дæр Æз ацы адæмæн нæ фæтæри-
гъæд кодтаин. Фесаф сæ Мæ цурæй, цæугæ
кæнæнт! 2Кæдæм ацæуæм, зæгъгæ дæ куы
бафæрсой, уæд-иу сын ды Дунедарæджы
номæй афтæ зæгъ: мæлæт кæмæ кæсы, уый
йæ мæлæт ссарæд; кард кæмæ кæсы, уый
карды цæфæй амæлæд; стонг бавзарын кæй
хъæуы, уый стонгæй мæлæд; уацар кæмæ
кæсы, уый уацары ацæуæд.
3Цыппар хуызы сæ бафхæрдзынæн, — зæ-
гъы Дунедарæг, — карды цæфæй мæлдзысты,
куыйтæ сæ фæйнæрдæм тондзысты, уæ-
ларвон мæргътæ æмæ зæххон сырдтæ сæ
ныхъуырдзысты æмæ сафдзысты. 4Иудейы
паддзах, Езекиайы фырт Менассиа, Йеруса-
лимы цытæ фæкодта, уыдæтты тыххæй сæ

æппæт зæххон паддзахæдтæн Æз æвирхъау
дæнцæг сараздзынæн».
5 О Йерусалим, чи дын фæтæригъæд кæн-
дзæн, чи дыл скæудзæн? Куыд сты дæ хъуыд-
дæгтæ, зæгъгæ дæм фæрсæг чи бацæудзæн?
6 «Ныууагътай Мæ, — зæгъы Дунедарæг, —
адард дæ Мæнæй. Уый тыххæй дæм Æз Мæ
къух систон, ныппырх дæ кодтон, нал зонын
тæригъæд! 7 Æгас бæстæйы кулдуæртты раз
сагойæ дымгæмæ ныддардтон Мæ адæмы,
бындар сын нал ныууагътон! Мæ фæндо-
нæй сæфынц, уымæн æмæ нæ уадзынц сæ
фæндæгтæ. 8 Сæ идæдзтæ Мæ фæндонæй
денджызы змисæй фылдæр систы. Æмбисбон
сын сæ мадæлтыл Æз абырджыты бафтыд-
тон, æвиппайды сыл стыр тас бахæцдзæн.
9 Авд сывæллоны ныййарæгмæ нып хъару
нал ис, æмæ йæ уд исы, æмбисбон анигуыл-
ди йæ хур, сæгад æмæ фæхудинаг ис. Чи
ма аирвæзт, уыдоны та Æз карды амæттаг
бакæндзынæн се знæгты цæстыты раз», —
зæгъы Дунедарæг.
10 О, мæ ныййарæг, додойаг фæдæн, кæй
мæ ныййардтай, уый тыххæй, быцæу чи
кæны, æгас дунеимæ загъд чи кæны, уыцы
адæймаджы! Æз æфстау æхца никуы радтон
æмæ хæс никуы райстон, фæлæ мæ уæддæр
алчидæр æлгъиты.
11 Дунедарæг загъта: «Дæ фарны сæраппонд
дын Æз ратдзынæн сæрибар. Бæллæх æмæ
фыдбылызы заман Æз афтæ бакæндзынæн,
æмæ дын де знæгтæ лæгъстæ кæндзысты.
12 Искæмæн йæ бон у цæгатаг æрхуы æмæ
æфсæйнаг ныссæттын?
13 Дæ мулк æмæ дæ хæзнатæ дын Æз абыр-
джытæн бастигъын кæндзынæн, дæ алы зæх-
хы хайыл дæр кæй фæкодтай, уыцы ’ппæт
тæригъæдты тыххæй. 14 Де знæгтимæ дæ,
цы бæстæ нæ зоныс, уырдæм арвитдзынæн,
уымæн æмæ Мæ маст ссыгъди, пиллон ар-
тау судзы!»
15 О Дунедарæг, Ды алцыдæр зоныс! Æрымыс
мæ, æркæс мæм, мæ сурджытæй мын мæ маст
райс! Ды бирæбыхсаг дæ, ма мæ фесаф; Дæ сæ-
раппонд хынджылæггаг кæй сдæн, уый зоныс.
16 Дæ ныхас-иу сси мæ хойраг, æз-иу ныц-
цин кодтон Дæ ныхæстыл, мæ зæрдæйæн-
иу циндзинад æрхастой, уымæн æмæ мыл
сæвæрдæуыд Дæ ном — Дунедарæг, Уæлар-
вæфсады Бардарæг!
17 Хынджылæг чи кæны, уыдоны ’хсæн
нæ бадтæн, мæ рæстæг циндзинæдты не
’рвыстон. Æруæз мыл кодта Дæ къух, æмæ
иунæгæй бадтæн, мастæй мæ кæй байдзаг
кодтай, уый тыххæй.
18 Цæуылнæ æрбайсæфы мæ рис? Цæуылнæ
байгас ис мæ хъæдгом? Сдзæбæхы амал ын
цæуылнæ ис? Ау, зæрдæ дарæн кæуыл нæй,
ахæм суадон, мæнг донгуырæн мын фестадтæ?
19 Дунедарæг афтæ зæгъы: «Куы æрфæс-
мон кæнай, уæд дæ фæстæмæ дæ къæхтыл
слæууын кæндзынæн, æмæ Мын лæггад кæн-
дзынæ. Дæ дзæгъæлдзырд куы ныууадзай
æмæ ахсджиаг ныхæстæ куы дзурай, уæд
Ме ’взагау суыдзынæ. Адæм дæ сæхæдæг
агурдзысты, фæлæ-иу сæм ды ма раздæх.
20 Ацы адæмæн дæ Æз фидар æрхуы сисæй
сæвæрдзынæн. Уыдон дæ ныхмæ тох кæн-
дзысты, фæлæ дыл нæ фæуæлахиз уыдзысты,
уымæн æмæ Æз демæ дæн æмæ дыл Мæ арм
дардзынæн, — зæгъы Дунедарæг. 21 — Æз дæ
фыдгæнджытæй фервæзын кæндзынæн,
æнауæрдонты къухтæй дæ ратондзынæн».

**16** Дунедарæг мын загъта: 2 «Ус ма ракур,
уадз æмæ дын ацы зæххыл ма уа нæдæр
фырттæ, нæдæр чызджытæ». 3 Уымæн æмæ,
ацы ран чи райгуырди, уыцы фырттæ æмæ
чызджыты, стæй сæ мадæлтæ æмæ сæ фы-
дæлты тыххæй Дунедарæг афтæ зæгъы:
4 «Хъизæмæрттимæ амæлдзысты, цæссыг
дæр сыл ничи æркалдзæн æмæ сæ ныгæнгæ
дæр нæ бакæндзысты, фаджысау баззай-
дзысты уæлæуыл. Кард æмæ стонгæй бабын
уыдзысты, сæ мæрдтæ уæларвон мæргътæ
æмæ зæххон сырдтæн холы суыдзысты».
5 Дунедарæг афтæ зæгъы: «Хист кæм кæ-
нынц, ахæм хæдзармæ хъарæг æмæ тæ-
фæрфæс кæнынмæ ма бацу, уымæн æмæ
Æз ацы адæмæн сæ сабыр цард байстон, Мæ
хорзæх æмæ Мæ тæригъæдæй æнæхай фесты.
6 Номджынæй, мæгуырæй, ацы зæххы адæм
иууылдæр амæлдзысты æмæ æнæныгæдæй
баззайдзысты. Ничи сыл скæудзæн, уыдоны
тыххæй йæ буар ничи ныллыгтæ кæндзæн
æмæ йæ сæр ничи адасдзæн. 7 Зæрдæсас-
тыты барæвдауынæн уыцы мæрдты номыл
кæрдзын ничи асæтдзæн; сæ ныййарджыты
куы мысой, уæд сын сæ зæрдæтæ фæфидар
кæнынæн нуазæн кæхц ничи ратдзæн.
8 Куывд кæм кæнынц, уыцы хæдзармæ дæр
ма бацу æмæ семæ иу фынгыл ма ’рбад, ма
хæр æмæ ма нуаз».
9 Уымæн æмæ афтæ зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг, Израилы Хуыцау: «Уæ цæстыты
раз, уæ заманы, Æз ацы зæххыл цин, хъæл-
дзæгдзинад æмæ чындзæхсæвы уынæр ба-
мынæг кæндзынæн.
10 Ды адæмæн ацы ныхæстæ куы фехъусын
кæнай, уæд дæ фæрсдзысты: „Дунедарæг

нын рагацау ахæм стыр бæллæхы кой цæ-
мæн кæны? Цæй мидæг ис нæ азым? Цавæр
тæригъæд ракодтам Дунедарæджы, нæ Ху-
ыцауы раз?“ 11Уæд-иу сын дзуапп ратт: уæ
фыдæлтæ Мæ ныуагътой, — зæгъы Дуне-
дарæг, — æцæгæлон хуыцæуттæн куывтой
æмæ сын лæггад кодтой, Мæн та ныуагътой
æмæ Мын Ме ’Гъдау не ’ххæст кодтой. 12Фæ-
лæ сымах уæ фыдæлтæй фыддæр фестут,
алчидæр уæ йæ хивæнд зæрдæйы фæдыл
цæуы æмæ Мæм нæ хъусы. 13Уый тыххæй
уæ Æз ацы зæххæй, нæдæр уæ фыдæлтæ,
нæдæр уæхædæг кæй зыдтат, уыцы бæстæм
фæсурдзынæн. Æмæ уым æхсæвæй-бонæй
æцæгæлон хуыцæуттæм кувдзыстут, уы-
мæн æмæ уын Æз нæ ныххатыр кæндзынæн.
14Фæлæ ралæудзæн ахæм рæстæг, — зæгъы
Дунедарæг, — æмæ афтæ ничиуал зæгъдзæн:
„Цардæгас у Дунедарæг! Уый ракодта Израи-
лы фыртты Мысырæй“. 15Дзурдзысты афтæ:
„Цардæгас у Дунедарæг! Уый раздæхта Из-
раилы фыртты цæгатаг зæххæй, кæдæм сæ
фæсырдта, æппæт уыцы бæстæтæй“. Уымæн
æмæ сæ Æз, сæ фыдæлтæн сын кæй радтон,
уыцы зæхмæ раздахдзынæн.
16Æз арвитдзынæн бирæ кæсагахсджы-
ты, — зæгъы Дунедарæг, — æмæ сæ уыдон
кæсæгтау ахсдзысты. Уый фæстæ арвит-
дзынæн бирæ цуанæтты, æмæ сæ уыдон
алы хох æмæ алы къуыбырæй, къæдзæхты
алы лæгæтæй сурдзысты. 17Уымæн æмæ
сын Æз сæ фæндæгтæ иууылдæр уынын. Нæ
бамбæхсдзысты Мæнæй, сæ фыдракæндтæ
Мæ цæстытæй нæ басусæг кæндзысты. 18Сæ
тæригъæдтæ æмæ сын сæ фыдракæндтæ
Æз бафиддзынæн дывæрæй, уымæн æмæ
Мын Мæ зæхх æнаккаг мæрдтæй фæчъизи
кодтой, Мæ зæххы хай Мын се ’лгъæгтæй
байдзаг кодтой».

19 О Дунедарæг! Ды — мæ тых, мæ
мæсыг,
бæллæхы заман ме ’мбæхсæн Ды дæ!
Цæудзысты Дæм зæххы кæрæттæй
адæмтæ,
зæгъдзысты Дын: «Нæ фыдæлтæн сæ
бынтæ —
æнæпайда гуымирытæ, мæнгдзинад.
20 Ау, адæймаг йæхицæн скæндзæни
хуыцæутты?
Æниу, кæд уыдысты хуыцæуттæ?»

21«Мæнæ сын Æз Мæ хъомысджын къух
равдисдзынæн, æмæ базондзысты, Мæ ном
Дунедарæг кæй у, уый.

**17** Иудейы тæригъæд æхсон æмæ æфсæн
сисæй ныффыстæуыд адæмы дур зæрдæтыл
æмæ нывондхæссæнты сыкъатыл. 2Раст цы-
ма сæ цот сты, уыйау сæ нæ рох кæнынц сæ
нывондхæссæнтæ, къабузджын бæлæсты
раз æмæ бæрзонд къуыбыртыл — Ашерæйы
цæджындзтæ.
3Дæ хæхтæ, дæ исбон, дæ хæзнатæ æмæ
дæ уаз къуыппытæ дын Æз иууылдæр хæ-
лæттаг фæкæндзынæн, уымæн æмæ дæ алы
зæххы хайыл дæр тæригъæдтæ фæкодтай.
4Дæхи аххосæй, цы зæххы хай дын радтон,
уымæй æнæхай фæуыдзынæ, кæй нæ зоныс,
уыцы бæстæйы дæ Æз де знæгтæн цагъайраг
скæндзынæн, уымæн æмæ Мæ маст ссыгъди
æмæ æнусмæ дæр нæ ахуысдзæн».
5Дунедарæг афтæ зæгъы: «Адæймагыл йæ
зæрдæ чи дары, ныфсджын дзы чи у æмæ
йæ зæрдæ Дунедарæгæй дард кæмæн у, уый
æлгъыст у. 6Æдзæрæг быдыры цы какон
сындз зайы, уыйау хорзæх нæ фендзæни.
Æнтæф æдзæрæг быдыр, иунæг цæрæг дæр
кæм нæй, уыцы цæхджын зæхх йæ цæрæн
къуым суыдзæн.
7Йæ ныфс Дунедарæг кæмæн у æмæ Дуне-
дарæгыл йæ зæрдæ чи дары, уый арфæгонд
у! 8Ахæм адæймаг, донбыл сагъд бæласау
ауадзы йæ уидæгтæ, æнтæф заман кæй ра-
лæудзæн, уымæй нæ тæрсы, йæ сыфтæр
кæддæриддæр — цъæх. Хусрæстæгæй йын
тас нæу, никуы баззайы æнæ дыргъæй.
9Адæймаджы зæрдæйæ мæнгарддæр нæй,
нæй йын срастгæнæн! Чи йæ базондзæн?
10Æз, Дунедарæг, адæймаджы зæрдæ уы-
нын, йæ уд ын фæлварын, цæмæй алкæмæн
дæр йæ митæм æмæ йæ хъуыддæгтæм гæсгæ
бафидон».
11Хуыргарк, йæхædæг кæй не ’рæфтыдта,
уыцы æйчытыл къуыртты фæбады. Уый æн-
гæс у, мæнгард миты фæрцы чи схъæздыг ис,
уыцы адæймаг. Йæ кары тæмæны алцæмæй
дæр æнæхай фæуыдзæн æмæ æдылыйы
бынаты баззайдзæн.
12Рагзаманæй стауинаг цы кадджын пад-
дзахы бадæн сси, уый у нæ Уаз Хуыцауы
бынат! 13О Дунедарæг, Израилæн йæ зæр-
дæдарæн Ды дæ! Чи Дæ ныууадза, уыдон
иууылдæр фæхудинаг уыдзысты.
«Йе ’ргом Мæ чи аздæхта, уыдон зæххы
хай бауыдзысты, уымæн æмæ ныууагътой
Дунедарæджы, цардæгас Донгуырæн сæ
ферох ис».
14О Дунедарæг, сдзæбæх мæ кæн, æмæ
æнæниз суыдзынæн; фервæзын мæ кæн,
æмæ фервæздзынæн, уымæн æмæ æз Дæу

стауын! [15]Алчи мын дзуры: «Цæй, кæм ис
Дунедарæджы ныхас? Сæххæст уæд!»
[16]Зоныс æй, æз Дæумæ фыййауæй кусын-
мæ нæ бæллыдтæн, бæллæхы бонмæ æн-
хъæлмæ нæ кастæн. Мæ дзыхæй цы ссыди,
уыдæттæ Дын æргом сты. [17]Æвирхъæу тас
мын ма фест: бæллæхы заман ме 'мбæхсæн
Ды дæ! [18]Мæ сурджытæ фæхудинаг уæнт,
мæн та бахиз стыр тасæй. Фыдбылыз сын
бавзарын кæн, уæззау цæфæй сæ басæтт!
[19]Дунедарæг мын загъта: «Ацу æмæ Бени-
амины мыггаджы кулдуары цур æрлæуу:
Иудейы паддзæхтæ фæцæуынц уыцы кул-
дуары уылты. Цæугæ Йерусалимы æппæт
кулдуæрттæм [20]æмæ фехъусын кæн: бай-
хъусут Дунедарæджы ныхасмæ, иудейаг
паддзæхтæ, æгас Иудей æмæ Йерусалимы
цæрджытæ, ацы кулдуæртты уылты чидæ-
риддæр бацæуы, уыдон!
[21]Дунедарæг афтæ зæгъы: кæд уæ удæга-
сæй баззайын фæнды, уæд сабаты Йеруса-
лимы кулдуæртты уылты мацы хæссут. [22]Уæ
хæдзæрттæй дæр мацы хæссут сабаты æмæ
æппындæр мацы кусут. Уæ фыдæлтæн ку-
ыд бафæдзæхстон, афтæ уын сабатбон уæд
уаз. [23]Уыдон Мæм нæ хъуыстой, хивæндæй
цардысты, Мæ зондамынд Мын ницæмæ
дардтой. [24-25]Куы Мæм байхъусат, — зæгъы
Дунедарæг, — æмæ сабаты ацы сахары кулд-
уæртты уылты куы ницы хæссат, сабат уын
уаз куы уа æмæ уыцы бон æппындæр куы
ницы кусат, уæд, Давиды бадæны цы пад-
дзæхтæ сбадынц, уыдон, уæздæттæ, стæй
Иудей æмæ Йерусалимы иннæ цæрджытæ
бæхтæ æмæ бæхуæрдæттыл кæддæриддæр
ацы сахары кулдуæртты уылты цæудзысты,
сахар та лæудзæни мыггагмæ. [26]Иудейы са-
хартæй, стæй Йерусалимы алфамбылайæ, Бе-
ниамины зæххæй, Шефелайæ, хæхтæй æмæ
Негевæй адæм цæудзысты ардæм, цæмæй
Дунедарæджы хæдзары иууылсудзинæгтæ
æмæ æндæр нывæндтæ æрхæссой, хойрад-
жы хуынтæ, хæрздæфгæнæнтæ æмæ ар-
фæйы нывæндтæ Йын æрбахæссой. [27]Куынæ
Мæм байхъусат, сабатбон уын уаз куынæ уа
æмæ уыцы бон Йерусалимы кулдуарыл уæ
уæргътимæ куы цæуат, уæд Æз ацы кулду-
ар басудздзынæн, æмæ уыцы æнæ ахуысгæ
арт Йерусалимы галуантæ иууылдæр бабын
кæндзæн».

**18** Дунедарæг Йеремиайæн фехъусын код-
та Йæ ныхас: [2]«Ацу дурынгæнæджы хæ-
дзармæ, æмæ дын уым Мæ ныхас фехъусын
кæндзынæн».
[3]Æз дурынгæнæджы хæдзармæ бацыдтæн
æмæ йæ баййæфтон йæ куысты уæлхъус.
[4]Æлыгæй цы мигæнæн арæзта, уый йæ къух-
ты ныппырх ис, æмæ сарæзта æндæр, цавæр
æй бафæндыд, ахæм.
[5]Дунедарæг мын загъта: [6]«Израилы бай-
зæддæгтæ! Ау, сымахæн Мæ бон, дурынгæ-
нæгæг æлыгæн цы бакуыста, уый бакæнын
нæу? — зæгъы Дунедарæг. — Израилы фæс-
тагæттæ, дурынгæнæгæн æлыгыл йæ бар
куыд цæуы, афтæ сымах дæр Мæ къухы стут.
[7]Иуæй-иу хатт Æз искæцы адæмы кæнæ
паддзахады тыххæй фæзæгъын: йæ бындза-
рæй йæ срæдувдзынæн, басæтдзынæн æй
æмæ йæ бабын кæндзынæн. [8]Фæлæ, афтæ
цы адæмæй загътон, уыдон сæ фыдракæнд-
тæ куы ныууадзынц, уæд Мæ фæнд аивын,
цы бæллæх сыл æруадзынмæ хъавыдтæн,
уый сыл нал бафтауын. [9]Æз сфæнд кæнын
искæцы адæм кæнæ паддзахад сфидар æмæ
æрбынæттон кæнын. [10]Фæлæ уыцы адæм Мæ
разы фыдракæндтæ куы фæкæнынц æмæ
Мæм куы нæ фæхъусынц, уæд Мæ фæнд
аивын, цы хорзæх сын балæвар кæнынмæ
фæхъавын, уый сын нал раттын.
[11]Уæдæ зæгъ Иудей æмæ Йерусалимы цæр-
джытæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг: Æз уын
цæттæ кæнын фыдбылыз, уæ ныхмæ аразын
фыдвæнд. Алчидæр уæ йæ фыдвæндæгтæ
ныууадзæд, уæ фæндæгтæ æмæ уæ хъу-
ыддæгтæ сраст кæнут“. [12]Фæлæ дын уыдон
зæгъдзысты: „Æдылы ныхæстæ! Цыдæрид-
дæр нæ фæнды, уыдæттæ кæндзыстæм, нæ-
хи куыд фæнды, афтæ цæрдзыстæм“.
[13]Уымæ гæсгæ Дунедарæг афтæ зæгъы:
Бафæрсут-ма адæмты, ахæм диссаг, цымæ,
искуы фехъуыстæуыд? Израилы чызг æбу-
алгъ цъаммар митыл бафтыд!
[14]Ливаны хæхтæй искуы мит фесæфы?
Хæххон суадæттæ, уазал цæугæдæттæ ис-
куы байсыстысты? [15]Мæн та Мæ адæм ферох
кодтой се 'ппæт дæр: ницæйаг гуымирытæн
будсудзæн кæнынц! Сæ цæуæнтыл фæкал-
дысты, сæ рагон фæндæгтæ ныууагътой
æмæ æнæцыд къахвæндæгтæм рахызтысты.
[16]Сæ зæхх адæмыл æвирхъæу тас æфтаудзæн,
мыггагмæ сæгад уыдзæн! Сæ рæзты чи фæ-
цæйцæуа, уый-иу, йæ сæр æнкъусгæйæ, стыр
дисы бафтдзæн.
[17]Æз сæ се знæгты раз скæсæйнаг дымгæ-
йау ныххæлиу кæндзынæн, бæллæхы заман
сæм раздахдзынæн Ме 'ргом нæ, фæлæ Мæ
чъылдым».
[18]Фæлæ уыдон загътой: «Цæй æмæ Йе-
ремиайы ныхмæ исты фыдвæнд саразæм,

цæмæй сауджынты Æгъдау, куырыхонты
уынаффæтæ æмæ пехуымпарты ныхæстæ ма
фесæфой. Цæуæм æмæ йыл хахуыртæ æры-
мысæм, ма йын байхъусæм йæ ныхæстæм».

19О Дунедарæг, фехъус мæ! О, байхъус ме
знæгты ныхæстæм! 20Ау, хорз æвзæрæй фид-
гæ у? Мæ фесафынæн дзыхъхъ куы скъахтой!
Æрхъуыды-ма кæн: æз-иу Дæ разы лæу-
уыдтæн æмæ сын хорзæх куырдтон, цæмæй
сæ Дæ маст аздахай. 21Ныр Дæ фæндонæй
стонг бавзарæнт, кардæй сæ фæмар, уадз
æмæ сбирæ уой идæдзтæ! Сæ цот æмæ сæ
лæгтæй æнæхай фæуæнт, сæ лæппутæ карды
амæттаг бауæнт хæсты! 22Æвиппайды сæм
æнæнымæц æфсæдтæ куы ’рбакæнай, уæд сæ
хæдзæрттæй хъуысæд хъæрзын, уымæн æмæ
уыдон ме ’рцахсынæн дзыхъхъ скъахтой, мæ
къæхтæн мын къæппæджытæ сæвæрдтой!
23О Дунедарæг, Ды зоныс бæлвырд: мæ
фесафынæн аразынц фыдвæндтæ. О, ма сын
сис сæ фыдракæндты азым, сæ тæригъæдтæ
сын макуы ныббар! Уадз æмæ бабын уой Дæ
разы, фесаф сæ Дæ масты бон!

**19** Дунедарæг афтæ зæгъы: ацу æмæ ду-
рынгæнæгæй иу æлыг дурын балхæн. Демæ
адæмы хистæртæй, стæй хистæр сауджын-
тæй цалдæры рахон 2æмæ ацу Хинномы
фырты дæлвæзмæ, Дурынгæнæджы кулду-
ары фалемæ. Уыцы ран Мын Мæ ныхæстæ
фехъусын кæн: 3«Иудейы паддзæхтæ æмæ
Йерусалимы цæрджытæ, байхъусут Дуне-
дарæджы ныхасмæ!»
Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуыцау,
афтæ зæгъы: «Æз ацы зæххыл ахæм бæллæх
æруадздзынæн, æмæ, йæ кой чидæриддæр
фехъуса, уыдонæн фыр дисæй сæ хъустæ
ныззæлланг кæндзысты. 4Уымæн æмæ Йе-
русалимы цæрджытæ Мæн ныуагътой, ацы
бынат фæчъизи кодтой æмæ дзы буд судзынц
æндæр хуыцæуттæн — нæдæр сæхæдæг,
нæдæр сæ фыдæлтæ, нæдæр иудейаг пад-
дзæхтæ кæй нæ зыдтой, уыдонæн. Ацы бы-
нат æнаххос адæмы тугæй байдзаг кодтой!
5Баалæн кувæндæттæ сарæзтой, цæмæй
йын иууылсудзинаг нывондæн сæ сывæл-
лæтты арты судзой! Æз ахæм бардзырд ни-
куы радтон! Уый Мæнæн Мæ хъуыдыйы
дæр нæ уыди!
6Уымæ гæсгæ ралæудзæн ахæм заман, —
зæгъы Дунедарæг, — æмæ ацы зæхх То-
фет кæнæ Хинномы фырты дæлвæз нал
хондзысты, фæлæ Æргæвдæн тæрф. 7Æз ацы
ран Иудей æмæ Йерусалимæн сæ фæндтæ
æнæпайда фæкæндзынæн, се знæгты раз сæ
кардæй ныццæгъддзынæн, сæ мæлæтмæ чи
бæллы, уыдоны къухтæй. Сæ мæрдтæ сын
уæларвон мæргътæ æмæ зæххон сырдтæн
холыйæн ратдзынæн.
8Æз ацы сахар сафтид кæндзынæн æмæ
йæ худинаджы бын фæкæндзынæн. Йæ цур-
ты чидæриддæр ацæуа, уый-иу, йæ цæф-
тæм кæсгæйæ, стыр дисы бафтдзæн æмæ
ныкъкъуыззит кæндзæн. 9Æз ацы сахары
цæрджытæн сæ фырттæ æмæ сæ чызджыты
фыдтæ бахæрын кæндзынæн. Сæ мæлæтмæ
цы знæгтæ бæллынц, уыдон сыл куы ’рхъула
кæной æмæ уынгæджы ранмæ куы бахауой,
уæд дзы алчидæр йæ сыхаджы буар хæрын-
мæ æрцæудзæн.
10Демæ чи æрбацыди, уыдоны раз дæ дурын
ныппырх кæн 11æмæ сын зæгъ: „Уæларвæф-
сады Бардарæг афтæ зæгъы: дурынгæнæджы
дурын куыд ныппырх ис æмæ йæ æрæмбырд-
гæнæн куыннæуал ис, афтæ Æз ацы сахар
æмæ ацы адæмы ныззыгуым кæндзынæн.
Æмæ Тофеты сæ мæрдтæ ныгæнынæн бынат
дæр нал фаг кæндзæн. 12Ацы бынатæн, стæй,
чи дзы цæры, уыдонæн Æз афтæ бакæндзы-
нæн, — зæгъы Дунедарæг. — Ацы сахар То-
фетау фæчъизи кæндзынæн. 13Йерусалимы
хæдзæрттæ æмæ иудейаг паддзæхты галуан-
тæ сæ уæлхæдзæрттыл æппæт стъалытæн буд
кæм сыгътой æмæ æндæр хуыцæуттæн сæн
кæмдæриддæр калдтой, уыцы хæдзæрттæ
иууылдæр Тофетау фæчъизи уыдзысты“».
14Йеремиа, Дунедарæг æй пехуымпариуæг
кæнынмæ кæдæм арвыста, уыцы Тофетæй
куы ’рбаздæхти, уæд Дунедарæджы хæдза-
ры кæрты æрлæууыд æмæ æппæт адæмæн
загъта: 15«Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы
Хуыцау, афтæ зæгъы: Æз ацы сахарæн æмæ,
йæ дæлбар цы сахартæ ис, уыдоны цæрджы-
тæн цы бæллæхтæ снысан кодтон, уыдон
бавзарын кæндзынæн, уымæн æмæ хивæнд
сты, Мæ ныхæстæм Мын нæ хъусынц».

**20** Сауджын Пашхур, Иммеры фырт, фе-
хъуыста Йеремиайы рагуацтæ. Уый уыди
Хуыцауы хæдзары сæйраг уагдар. 2Пашхур
Йеремиайы фæнадта æмæ йæ Дунедарæджы
хæдзары кæрты, Бениамины кулдуары цур,
хъадаманты сбадын кодта.
3Дыккаг бон Пашхур Йеремиайы йæ хъада-
мантæй суæгъд кодта, æмæ йын Йеремиа загъ-
та: «Дунедарæг дыл Пашхуры бæсты сæвæр-
дзæн æндæр ном — Магор-Миссавив, 4уымæн

**20:3** Ома «Алырдыгæй — æвирхъау тас».

æмæ Дунедарæг афтæ зæгъы: дæхиуыл дæр
æмæ де 'ппæт æрдхæрдтыл дæр Æз æвирхъау
тас бафтаудзынæн, дæ цæстыты раз знаджы
кардæй сæ мæлæт ссардзысты. Æгас Иудей Æз
Вавилоны паддзахы къухтæм ратдзынæн: иу-
ты дзы акæндзæн Вавилонмæ, иннæты кардæй
ныццæгъддзæн. 5Ацы сахары исбон æгасæй
дæр: йе 'ппæт æфтиæгтæ, зынаргъ дзаумайæ
дзы цыдæриддæр ис, уыдон, Иудейы паддзæх-
ты æппæт хæзнатæ, Æз ратдзынæн знæгты
къухтæм. Уыдон бæстæ сафтид кæндзысты
æмæ се 'фтиæгтæ Вавилонмæ аласдзысты. 6Ды
та, Пашхур, де 'ппæт хæдзаронтимæ Вавилон-
мæ уацары ацæудзынæ æмæ уым амæлдзынæ.
Дæхи дæр æмæ, рагуацты хуызы мæнг ныхæс-
тæ кæмæн дзырдтай, дæ уыцы 'мбæлтты дæр
дын уым баныгæндзысты».

7О Дунедарæг, асайдтай мæ æмæ сайд дæн.
Фæуæлахиз мыл дæ, уымæн æмæ Ды тых-
джындæр дæ. Хъазинаг сдæн æрвылбон, алкæ-
мæн — хынджылæггаг! 8Мæ алы ныхас — хъæ-
рахст, æрдиаг кæнын стыгъд æмæ тыхмийыл!
Дунедарæджы ныхас кæй хъусын кæнын, уый
тыххæй сæгад дæн, алы бон — хынджылæггаг.
9Æз загътон: «Сæ зæрдыл сын Æй нал æр-
лæууын кæндзынæн, нырæй фæстæмæ Йæ
номы сæраппонд нал дзурдзынæн!» Фæ-
лæ цыма мæ зæрдæйы арт ссыгъд æмæ ме
стджыты мидæг ахст уыди, уыйау сфæлмæ-
цыдтæн, мæ бон æй бауромын нал уыд. 10Мæ
алыварс хъуыстон цъыфкалæн ныхæстæ,
алырдыгæй — æртхъирæнтæ: «Бахъаст ыл
кæнут! Цæй æмæ йæ банымудзæм!»
Хæларæй кæимæ цардтæн, уыдон ныр,
кæд фæкæлдзынæн, уымæ æнхъæлмæ кæ-
сынц: «Кæд истæмæй фæрæдиид — уæд ыл
фæуæлахиз уыдзыстæм æмæ дзы нæ маст
райсдзыстæм». 11Фæлæ Дунедарæг тыхджын
æфсæддонау мемæ ис æдзухдæр. Уымæ гæс-
гæ, мæ фæдыл чи зилы, уыдон фæкæлдзысты,
нæ мыл фæуæлахиз уыдзысты. Худинаджы
бын фæуыдзысты, цæмæ бæллынц, уый сæ
къухы нæ бафтдзæн, сæ худинаг нæ ферох
уыдзæн мыггагмæ.
12Уæларвæфсады Бардарæг, Ды рæстгæ-
нæджы фæлварыс, уд æмæ зæрдæ уыныс!
Уадз æмæ æз Дæ мастисæн тæрхон фенон,
Дæ бар куы бакодтон мæ хъуыддаг!
13Зарут Дунедарæгæн! Стаут Дунедарæ-
джы! Уый мæгуыр лæджы фыдгæнджытæй
фервæзын кæны!

14Мæ гуырæнбон æлгъыст фæуæд! Мæ
мад мæ цы бон ныййардта, уый арфæгонд
ма уæд! 15Мæ фыдмæ, фырт дын райгуыр-
ди, зæгъгæ, хæрзæггурæггаг чи фæци æмæ
йæ уымæй амондджын чи скодта, уый æл-
гъыст фæуæд! 16Уыцы адæймаг, Дунедарæг
æгъатырæй цы сахартæ ныззыгуым кодта,
уыдоны хъысмæт бавзарæд! Сæумæрайсом
хъусæд хъарæг, æмбисбон — тохы хъæртæ;
17мады гуыбыны мæ нæ амардта, цæмæй мæ
ныййарæг мад суа мæ ингæн, йæ гуыбын
æнустæм баззайа æнхъæлцауæй!
18Цæмæн рацыдтæн мады гуыбынæй? Æр-
мæстдæр тухæнтæ æвзарынмæ æмæ æгадæй
амæлынмæ?

**21** Дунедарæг Йеремиайæн фехъусын код-
та Йæ ныхас. Уый уыди, паддзах Цедекиа
Йеремиамæ Малкиайы фырт Пашхур æмæ
сауджын Софониайы, Маасеайы фырты, куы
арвыста, уыцы рæстæг. Паддзах сын ба-
фæдзæхста афтæ зæгъын: 2«Дунедарæгæн
мах тыххæй балæгъстæ кæн, уымæн æмæ
Вавилоны паддзах Навуходоносор нæ ных-
мæ схæцыди. Чи зоны, æмæ нын Дунедарæг,
раздæры заман куыд уыдис, афтæ æмбисон-
ды хъуыддаг сараза, æмæ Навуходоносор
ардыгæй йæхи айса».
3-4Йеремиа сын дзуапп радта: «Зæгъут
Цедекиайæн: „Дунедарæг, Израилы Хуыцау,
афтæ зæгъы: сымах Вавилоны паддзах æмæ
халдейæгты ныхмæ цы хæцæнгæрзтæй хæ-
цут, уыдон уын Æз уæхи ныхмæ сараздзы-
нæн. Халдейæгтæ систы алыварс æрхъула
кодтой, фæлæ сæ Æз сахары астæу æрæм-
бырд кæндзынæн. 5Æз Мæхæдæг хæцдзы-
нæн уæ ныхмæ Мæ хъомысджын къухæй,
фыр мæстæй пиллон арт уадзгæйæ! 6Ацы
сахары чидæриддæр цæры, адæмæй, цæрæ-
гойæ, — се 'ппæты дæр бабын кæндзынæн!
Ииуылдæр æбуалгъ рынæй фесæфдзысты!
7Уый фæстæ, — зæгъы Дунедарæг, — Иудейы
паддзах Цедекиа æмæ йæ лæггадгæнджы-
ты, стæй æппæт адæмы — ацы сахары кард,
рын æмæ стонгæй чидæриддæр аирвæзти,
уыдоны — ииуылдæр вавилойнаг паддзах
Навуходоносоры æмæ, сæ мæлæтмæ цы
знæгтæ бæллынц, уыдоны къухтæм ратдзы-
нæн. Паддзах сæ карды амæттаг бакæндзæн,
нæ сыл бацауæрддзæн, нæ сын ныббардзæн
æмæ сын нæ батæригъæд кæндзæн".
8Ацы адæмæн та зæгъ: „Дунедарæг аф-
тæ зæгъы: Æз сымахæн дæттын цард æмæ
мæлæты фæндæгтæ. 9Ацы сахары чидæ-
риддæр баззайа, уыдон кард, стонг æмæ
рынæй фесæфдзысты. Уæ алыварс цы халде-
йæгтæ æрхъула кодтой, уыдонæн сæ размæ

чи рацæуа æмæ йæхи сæ къухтæм чи ратта,
уыдон иууылдæр удæгасæй баззайдзысты,
хæрзиуæгæн цард айсдзысты. 10Уымæн æмæ
Æз ацы сахармæ Ме 'ргом раздæхтон йæ фар-
нæн нæ, фæлæ йæ фыдбылызæн, — зæгъы
Дунедарæг. — Вавилойнаг паддзахы къухмæ
лæвæрд æрцæудзæн æмæ йæ уый саусыгъд
бакæндзæн"».

11Иудейаг паддзахы хæдзаронтæ! 12Дави-
ды байзæддæгтæ, байхъусут Дунедарæджы
ныхасмæ!

Афтæ зæгъы Дунедарæг: «Сæумæйæ-иу
раст тæрхон кæнут, мæгуыр лæджы-иу йе
'фхæрæджы къухтæй фервæзын кæнут, на-
уæд, уæ фыдракæндтæм кæсгæйæ, Мæ маст
ссудздзæни пиллон артау, æнæ ахуысгæ
зынгирвæзтау.

13О тъæпæны цæрæг, о дæлвæзы къæдзæх!
Ныр Мæхæдæг сыстадтæн дæ ныхмæ, — зæ-
гъы Дунедарæг. — Сымах дзурут: „Нæ ныхмæ
чи рацæудзæн? Нæ хæдзæрттæм нын чи ба-
бырсдзæн?" 14Æз уын уæ хъуыддæгтæм гæс-
гæ стæрхон кæндзынæн, — зæгъы Дунеда-
рæг. — Уæ хъæдыл уын арт бандзардзынæн,
æмæ уыцы арт, йæ алыварс цыдæриддæр ис,
уыдон иууылдæр аныхъуырдзæн».

**22** Дунедарæг афтæ зæгъы: Иудейаг паддза-
хы галуанмæ ацу æмæ йын фехъусын кæн:
2«Иудейы паддзах, Давиды паддзахы бадæ-
ны бадæг, байхъус Дунедарæджы ныхасмæ!
Дæхæдæг, стæй дæ лæггадгæнджытæ æмæ
дæ адæм, ацы кулдуары уылты чидæрид-
дæр бацæуы, уыдон се 'ппæт дæр хъусæнт!»

3Дунедарæг афтæ зæгъы: «Раст хъуыддæг-
тæ кæнут, мæгуыр лæджы-иу йе 'фхæрæджы
къухæй фервæзын кæнут. Ма хъыгдарут æмæ
ма 'фхæрут æндæрбæстаджы, сидзæр æмæ
идæдзы, æнаххосты туг ма калут ацы ран.
4Æппæт уыдæттæ куы сæххæст кæнат, уæд,
Давиды бадæны цы паддзæхтæ бадынц, уы-
дон, стæй сæ лæггадгæнджытæ æмæ сæ адæм
ацы галуаны кулдуары уылты бæхтыл æмæ
бæхуæрдæттыл цæудзысты. 5Ацы ныхæстæм
куынæ байхъусой, уæд та, сомы кæнын Мæ-
хицæй, — зæгъы Дунедарæг, — ацы галуан
хæлддзæгты кæри фестдзæн!»

6Уымæн æмæ Дунедарæг иудейаг паддза-
хы хæдзары тыххæй афтæ зæгъы: «Ды Галаад
æмæ Ливаны хæхтау лæууыс Мæ разы, фæлæ
дæ Æз æдзæрæг быдыр фестын кæндзынæн,
дæ сахарты цæрæг нал баззайдзæн. 7Дæ
ныхмæ дын сафджытæ сцæттæ кодтон, се
'ппæтмæ дæр хæцæнгæрзтæ радтон. Дæ ху-
ыздæр нæзы бæлæстæ дын акалдзысты æмæ
сæ басудздзысты. 8Бирæ адæмтæ, сахары
рæзты цæугæйæ, кæрæдзийы фæрсдзыс-
ты: „Ацы стыр сахарæн Дунедарæг ахæм
тæрхон цæмæн рахаста?" 9Æмæ сын дзуапп
ратдзысты: „Уымæн æмæ Дунедарæгимæ,
сæ Хуыцауимæ, цы фидыд сарæзтой, уый
сæ ферох ис, æндæр хуыцæуттæм куывтой
æмæ сын лæггад кодтой"».

10Ма кæут мардыл, ма йыл хъыг кæнут! Уаца-
ры чи ацыди, ууыл дзыназут: нал раздæхдзæн
фæстæмæ, йæ райгуырæн бæстæ нал фендзæн.

11Уымæн æмæ Дунедарæг Иудейы паддзах
Шаллумы, йæ фыд Иосиайы фæстæ хицау
чи сси æмæ ардыгæй чи ацыд, уый тыххæй
афтæ зæгъы: «Уый ардæм нал раздæхдзæн.
12Уацары йæ кæдæм акодтой, уым йæ мæлæт
ссардзæн, ацы зæхх нал фендзæн.

13Додойаг у, галиу миты фæрцы йæхицæн
хæдзар чи аразы æмæ йæ галуантæ фыд-
ракæндты руаджы чи самадта, йæ хионы
лæвар чи кусын кæны æмæ йын йæ мызд
чи нæ фиды! 14Уый зæгъы: „Стыр хæдзар,
уæрæх галуантæ сараздзынæн мæхицæн".
Йæ рудзгуытæ йын нæзыхъæдæй æмæ сырх
ахорæнтæй саив кæны.

15Цæмæй дæ нæзытæй æппæлай, уый тых-
хæй сдæ паддзах? Дæ фыд дæр хæргæ æмæ
нуазгæ кодта, фæлæ йæ хъуыддæгтæ раст
уыдысты! Рæстдзинады фæдыл цыд æмæ
æнæмастæй царди. 16Мæгуыр адæмы хъаст
кæй æвзæрста, æнæмастæй дæр уымæн цар-
ди! Хуыцауы чи зоны, уый уыдæттæй бæрæг
вæййы, — зæгъы Дунедарæг. — 17Дæуæн та
дæ цæстытæ æмæ дæ зæрдæ бæллынц æр-
мæст æфтиагмæ, æнаххосты туг калынмæ,
æфхæрд æмæ тыхмимæ!»

18Уымæ гæсгæ Дунедарæг Иудейы паддзах
Иоакимы, Иосиайы фырты, тыххæй афтæ
зæгъы: ничи йыл ныхъхъарæг кæндзæн: «Уæ,
додой, ме 'фсымæр! Уæ, додой, мæ хо!» Нæ
йыл ныккæудзысты: «Уæ, додой, мæ хицау!
Уæ, додойаг куы фæци йæ кад!» 19Хæрæгау
æй баныгæндзысты: аласдзысты йæ æмæ
йæ Йерусалимы кулдуарæй фехсдзысты.

20Ливаны хæхтæм ссу æмæ дзыназ! Ба-
шаны хъарæг кæн, ныхъхъæр кæн Авари-
мæй: дæ цæдисонтæ иууылдæр бабын сты!
21Фæрнджынæй куы цардтæ, уыцы заман-иу
демæ дзырдтон, фæлæ ды загътай: «Нæ Дæм
хъусдзынæн!» Де 'взонджы бонтæй абоны онг
афтæ кæныс — нæ Мын хъусыс Мæ ныхасмæ!
22Дæ фыййæутты дын дымгæ ахæсдзæн, дæ
цæдисонты дын уацары акæндзысты. Дæ
фыдракæндты аххосæй фæхудинаг уыдзы-
нæ æмæ ницæйаджы бынатмæ 'рхаудзынæ!

23О Ливаны цæрæг, нæзы бæлæстыл ахс-
тæттæ чи скодта, уый! Дæ хъизæмæртты
заман арæг усау ныхъхъæрздзынæ!
24Сомы кæнын Мæхицæй, — зæгъы Ду-
недарæг, — иудейаг паддзах Йехониа, Ио-
акимы фырт, Мæ къухыл мыхуырæвæрæн
къухдарæн куы фестадаид, уæд дæр æй срæ-
дывтаин! 25Дæ мæлæтмæ чи бæллы æмæ
кæмæй тæрсыс, уыдоны Вавилоны паддзах
Навуходоносор æмæ халдейæгты къухтæм
ратдзынæн. 26Дæ ныййарæг мадимæ дæ
æцæгæлон бæстæм фæсурдзынæн. Сымах
уым нæ райгуырдыстут, фæлæ уыцы ран
амæлдзыстут. 27Ацы зæхмæ раздæхынмæ
бæллут, фæлæ уын уый нæ бантысдзæн.
28Ау, Йехониа ницæйаг саст дурын, æнæ-
хъæугæ мигæнæнæн у? Йæ байзæддæгтимæ
æцæгæлон зæххыл уацайраг цæмæн сси?
29О зæхх, байхъус Дунедарæджы ныхас-
мæ! 30Дунедарæг афтæ зæгъы: «Ацы лæджы,
цотæй хай кæмæн нæй, ахæмыл банымайут,
цæрæнбонты уыдзæн æнамонд. Йæ бай-
зæддæгтæй иу дæр амондджын нæ уыдзæн,
уыдонæй Давиды паддзахы бадæны ничи
сбаддзæн æмæ Иудейы паддзахиуæг нæ
кæндзæн».

**23** Додойаг фесты, Мæ фысты рæгъау Мын
чи сафы æмæ сæ чи ныххæлиу кодта, уыцы
фыййæуттæ! — зæгъы Дунедарæг.
2Мæ адæмы Мын цы фыййæуттæ хизынц,
уыдоны тыххæй Дунедарæг, Израилы Хуы-
цау, афтæ зæгъы: Мæ фысты Мын ныххæлиу
кодтат, алырдæмты сæ фæсырдтат, нæ сыл
аудыдтат, æмæ уæ Æз уæ фыдракæндты
тыххæй бафхæрдзынæн, — зæгъы Дунеда-
рæг. — 3Мæ фыстæй ма чи аирвæзт, уыдоны
Æз цы бæстæтæм фæсырдтон, уырдыгæй
фæстæмæ сæ цæрæнбынатмæ раздахдзынæн,
æмæ та ногæй сбирæ уыдзысты. 4Сæ сæр-
гъы сын, чи сæ хиздзæн, ахæм фыййæуттæ
сæвæрдзынæн, нал тæрсдзысты æмæ нал
сæфдзысты, — зæгъы Дунедарæг.
5Ралæудзæн ахæм рæстæг, — зæгъы Ду-
недарæг, — æмæ Æз бæрзонд сæвæрдзынæн
Давиды байзæддаджы, рæстаг Æвзар. Йæ ба-
дæны æрбаддзæн паддзах, йæ хъуыддæгты
архайдзæн уæлзондимæ, раст тæрхон кæн-
дзæни зæххыл. 6Йæ заманы Иудей фервæз-
дзæн, Израил цæрдзæн æдасæй, схондзысты
йæ «Дунедарæг — нæ растгæнæг».
7Æрцæудзæн ахæм рæстæг, — зæгъы Ду-
недарæг, — æмæ афтæ ничиуал зæгъдзæн:
«Цардæгас у Дунедарæг, Израилы фыртты
Мысырæй Чи ракодта, Уый!» 8Дзурдзысты
афтæ: «Цардæгас у Дунедарæг, Израилы
байзæддæгты цæгатæй æмæ, кæдæм сæ
фæсырдта, æппæт уыцы бæстæтæй Чи раз-
дæхта, Уый!» Æмæ сæхи зæххыл цæрдзысты.

9Пехуымпарты тыххæй.
Мæ зæрдæ фæйнæрдæм тоны, æмризæ-
джы ризын! Дунедарæджы уаз ныхæсты
тыххæй расыгау сдæн, цыма мыл сæн фæ-
тых ис, уыйау!
10Хæтаг адæмæй байдзаг ис зæхх, богъ-
богъæй кæуы æлгъыст зæхх! Æдзæрæг
быдыры сæрвæттæ басыгъдысты. Адæм
фыдракæндтæм тырнынц, галиу хъуыд-
дæгты фæрцы стыхджын сты; 11сауджынæй,
пехуымпарæй — цæстмæхъустæ.
«Суанг сын Мæ Хæдзары дæр сæ фыдра-
кæндтæ уынын, — зæгъы Дунедарæг. — 12Уы-
мæ гæсгæ сæ фæндаг талынг æмæ бырын-
цъаг суыдзæн; фесхойдзысты сæ, æмæ зæх-
мæ ахаудзысты, уымæн æмæ, сæ тæрхоны аз
куы ралæууа, уæд сын фыдбылыз бавзарын
кæндзынæн, — зæгъы Дунедарæг. — 13Æз
федтон, самариаг пехуымпартæ зондцухтау
Баалы номæй пехуымпариуæг куыд кодтой
æмæ Мын Мæ адæмы, Израилы, куыд фæрæ-
дийын кодтой, уый. 14Æз уынын: Йерусали-
мы пехуымпартæ дæр æлгъаг митæ кæнынц:
хæтынц, сæ хъуыддæгты рæстдзинад нæй.
Фыдгæнджытæн æххуыс кæнынц, цæмæй
дзы иу дæр йæ фыдракæндтæ ма ныууадза.
Мæ разы иууылдæр Содомы хуызæн систы,
Йерусалимы цæрджытæ — Гоморрæ».
15Уымæ гæсгæ Уæларвæфсады Бардарæг
пехуымпарты тыххæй афтæ зæгъы: «Марг-
джын дон æмæ скъæлдзойæ сæ бафсаддзы-
нæн, уымæн æмæ æгас зæхх дæр фæчъизи ис
Йерусалимы пехуымпарты тыххæй».
16Уæларвæфсады Бардарæг зæгъы: ма хъу-
сут пехуымпарты ныхæстæм, сæ рагуацтæм,
сайгæ уæ кæнынц уыдон. Дунедарæджы
ныхæстæ уын нæ дзурынц, фæлæ, сæ цæс-
тытыл цы ауад, уыдæттæ. 17Æлгъ Мыл чи
кæны, уыдонæн дзурынц: «Дунедарæг афтæ
зæгъы: сабырдзинад уыдзæн уæ зæххыл».
Хивæндæй чи цæры, уыцы адæмы сайынц:
«Фыдбылызтæ уыл не 'рцæудзысты».
18Фæлæ чи уыди Дунедарæджы æмбыр-
ды? Чи йæ федта? Чи Йын фехъуыста Йæ
ныхæстæ?
19Дунедарæджы зилгæ уад æрбабырсы,
фыр мæстæй абухы, афтæмæй уыцы тых-
дымгæ фесафдзæни фыдгæнджыты. 20Дуне-
дарæгæн Йæ маст не 'рсабыр уыдзæн, цалын-
мæ, Йæ зæрды цыдæриддæр ис, уыдæттæ

сæххæст кæна, уæдмæ. Уый фидæны æх-
хæстæй бамбардзыстут.
21 Æз ацы пехуымпарты нæ арвыстон, уы-
дон æрбазгъордтой сæхæдæг! Æз семæ нæ
дзырдтон, афтæмæй пехуымпариуæг кодтой.
22 Уыдон Ме 'мбырды куы лæууыдаиккой,
уæд Мæ адæмæн фехъусын кодтаиккой Мæ
ныхæстæ, сæ фыдбылызы фæндагæй сæ
раздæхтаиккой æмæ сын сæ фыдракæндтæ
ныууадзын кодтаиккой.
23 Ау, æрмæст хæстæгмæ дæн Хуыцау? —
зæгъы Дунедарæг. — Ау, дардмæ Хуыцау
нал дæн? — 24 Кæм бамбæхсдзæн адæймаг,
цæмæй йæ Æз ма фенон? — зæгъы Дунеда-
рæг. — Ау, арв æмæ зæхх Мæнæй йемыдзаг
не сты? — зæгъы Дунедарæг.
25 Æз фехъуыстон, Мæ номæй мæнг ныхæстæ
цы пехуымпартæ дзурынц, уыдоны ныхæстæ.
Адæмæн фæзæгъынц: «Æз фын федтон! Æз
фын федтон!» 26 Кæдмæ уыдзæн афтæ, стæй,
æрымысгæ ныхæстæ цы пехуымпартæ дзу-
рынц, уыдон ахæм зондыл хæст кæдмæ уы-
дзысты? 27 Æнхъæлынц æмæ, кæрæдзийæн
цы фынтæ дзурынц, уыдоны тыххæй Мæ
адæм ферох кæндзысты Мæ ном, кæддæр
сæ фыдæлтæ Баалы тыххæй Мæ ном куыд
ферох кодтой, афтæ. 28 Фын чи федта, уыцы
пехуымпар-иу йæ фын адæмæн фынау дзу-
рæд. Мæ ныхас Мын чи фехъуыста, уый та
йæ раст хъусын кæнæд. Цы ис иумæйагæй
мæнæу æмæ зыгуыммæ? — зæгъы Дунеда-
рæг. 29 — Ау, Мæ ныхас арты, къæдзæхсæттæг
дзæбуджы хуызæн нæу? — зæгъы Дунедарæг.
30 Æз сыстадтæн пехуымпарты ныхмæ, —
зæгъы Дунедарæг, — Мæ ныхæстæ Мын да-
вынц кæрæдзийæ.
31 Пехуымпарты ныхмæ сыстадтæн, — зæ-
гъы Дунедарæг, — уымæн æмæ уыдон æр-
мæст дзæгъæлдзырд кæнынц, афтæмæй
та дзурынц Дунедарæджы номæй. 32 Æз, сæ
мæнг фынтæ цы пехуымпартæ дзурынц,
уыдоны ныхмæ сыстдзынæн. — зæгъы Дуне-
дарæг. — Сæ фынтæй æмæ сæ къæйных мæнг
ныхæстæй Мæ адæмæн сæ зонд сзгъуыммæ
кодтой, афтæмæй сæ Æз нæ арвыстон æмæ
сын ахæм бардзырд нæ радтон. Уыдон ацы
адæмæн ницы пайда æрхæсдзысты, — зæ-
гъы Дунедарæг.
33 Адæмæй, пехуымпартæй кæнæ сауджын-
тæй дæ исчи куы фæрса, Дунедарæг цавæр
рагуац рарвыста, зæгъгæ, уæд-иу сын зæгъ:
Дунедарæг афтæ зæгъы: «Уæхæдæг уæхицæн
рагуацтæ систут, Æз уæ ныууагътон». 34 Æмæ
пехуымпартæй, сауджынтæй кæнæ адæмæй
исчи Дунедарæджы номæй пехуымпариуæг
куы кæна, уæд ын Æз йæхи дæр æмæ йæ
хæдзаронты дæр бафхæрдзынæн.
35 Алчи кæрæдзийы æмæ æфсымæр æфсы-
мæры фæрсæд: «Цавæр дзуапп радта Дунеда-
рæг?» кæнæ: «Дунедарæг цы загъта?» 36 Дуне-
дарæджы рагуац, зæгъгæ, мачиуал сдзурæд,
уымæн æмæ сымахæй алкæмæн дæр йæхи
ныхæстæ рагуацтæ систы, цардæгас Ху-
ыцауы, Уæларвæфсады Бардарæджы, уæ
Хуыцауы, ныхæстæ та сзыгъуыммæ кодтат.
37 Пехуымпары-иу фæрсут: «Цавæр дзуапп
дын радта Дунедарæг?» кæнæ: «Дунедарæг
цы загъта?» 38 Дунедарæджы рагуац, зæгъгæ,
ма уæ дзыхæй куы ссæуа, уæд та Дунедарæг
афтæ зæгъы: сымах Дунедарæджы рагуац,
зæгъгæ, кæй дзурут, кæд æмæ уын Æз бафæ-
дзæхстон, Дунедарæджы номæй пехуымпа-
риуæг мауал кæнут, зæгъгæ, 39 уый тыххæй
уæ Æз бынтондæр ферох кæндзынæн, ныу-
уадздзынæн уын уæхи дæр æмæ сымахæн,
стæй уæ фыдæлтæн цы сахар радтон, уый
дæр. 40 Æнусмæ уæ сæгад кæндзынæн, æмæ
уæ худинаг нæ ферох уыдзæн мыггагмæ.

## 24

Навуходоносор, Вавилоны паддзах,
Йерусалимæй Вавилонмæ уацары акодта
Иудейы паддзах Йехониайы, Иоакимы фыр-
ты, стæй иудейаг уæздæтты, куырдты æмæ
æрмдæсныты. Уыцы заман мын Дунедарæг
фенын кодта цæстылуайæн: мæнæ Дунеда-
рæджы хæдзары цур лæууынц дыууæ чыр-
гъæды, легъуи бæласы дыргътимæ. 2 Иу чыр-
гъæды — рагафон чи æрзади, ахæм рæсугъд
дыргътæ, иннæйы та — хæдæвзæрдтытæ,
фыр æвзæрæй бахæрынмæ нæ бæззыдысты.
3 Дунедарæг мын загъта: «Йеремиа, цы уы-
ныс?» Æз Ын дзуапп радтон: «Легъуи бæласы
дыргътæ, сæ дзæбæхтæ сты диссаджы рæ-
сугъд, хæдæвзæрдтытæ та ахæм æвзæр сты,
æмæ сæ бахæрæн нæй». 4 Уæд мын Дунедарæг
загъта: 5 «Дунедарæг, Израилы Хуыцау, афтæ
зæгъы: ацы легъуитæ куыд дзæбæх сты, ахæм
хæрзтыл банымайдзынæн, Иудейы бæстæй
халдейæгты зæхмæ уацары кæй арвыстон,
уыцы адæмы. 6 Сæ фарны сæраппонд сæм
æркæсдзынæн æмæ сæ ацы зæхмæ раздах-
дзынæн. Мæ фæрцы сфидар уыдзысты, æмæ
сæ нал ныддæрæн кæндзынæн, куы сæ бай-
тауон, уæд сæ нал срæдувдзынæн. 7 Æмбаргæ
зæрдæтæ сын ратдзынæн, цæмæй Мæ зоной,
Æз Дунедарæг кæй дæн, уый базоной. Уыдон
суыдзысты Мæ адæм, Æз та — сæ Хуыцау,
уымæн æмæ Мæм зæрдиагæй раздæхдзысты.
8 Ацы æвзæр легъуиты, фыр æвзæрæй ба-
хæрæн дæр кæмæн нæй, уыдоны хъысмæт

та, — зæгъы Дунедарæг, — Æз бавзарын кæн-
дзынæн иудейаг паддзах Цедекиа æмæ йæ
уæздæттæн, Йерусалимы цæрджытæй ацы
зæххыл цæргæйæ чи баззади, уыдонæн,
стæй, Мысырмæ чи ацыди, уыдонæн дæр.
9Æппæт зæххон паддзахæдтæн суыдзысты
стыр тас æмæ бæллæхы æвирхъау дæнцæг,
кæдæм сæ фæсурон, уыцы бæстæты æгад
æмæ фидиссаг суыдзысты, хынджылæг сæ
кæндзысты æмæ сæ ’лгъитдзысты. 10Кар-
дæй сæ ныццæгъддзынæн, стонг æмæ сын
рын бавзарын кæндзынæн, цалынмæ, сæ
фыдæлтæн æмæ сын сæхицæн кæй радтон,
уыцы зæххæй бынтондæр фесæфой, уæдмæ».

**25** 1-2Иудейаг паддзах Иоаким, Иосиайы
фырт, цыппæрæм аз хицауиуæг куы кодта,
уæд вавилойнаг паддзах Навуходоносо-
ры хицаудзинадыл цыди фыццаг аз. Уыцы
заман пехуымпар Йеремиайæн раргом ис
æппæт иудейæгты фидæн, æмæ Йеремиа
æгас Иудей æмæ Йерусалимы цæрджытæн
фехъусын кодта: 3Дунедарæг æртæ æмæ
ссæдз азы дæргъы ныхас кæны мемæ, иуде-
йаг паддзах Иосиа, Амоны фырт, æртындæ-
сæм аз хицауиуæг куы кодта, уæдæй абонмæ.
Æмæ æз æрвылбон уемæ дзырдтон, фæлæ
нæ хъуыстат.

4Дунедарæг уæм æдзухдæр æрвыста йæ
лæггадгæнджыты, пехуымпарты, фæлæ
сæм нæ хъуыстат, сæ ныхæстæм сын уæ
хъус никуы æрдардтат. 5Уыдон уын дзырд-
той: «Алчидæр уæ йæ фыдвæндæгтæ æмæ
йæ фыдракæндтæ ныууадзæд, æмæ цæрут,
Дунедарæг сымах æмæ уæ фыдæлтæн мыг-
гагмæ кæй радта, уыцы зæххыл. 6Æндæр ху-
ыцæутты фæдыл ма цæут, ма сын кувут æмæ
сын ма лæггад кæнут; уæ хъуыддæгтæй Мæ
ма мæсты кæнут, æмæ уыл уæд фыдбылыз
не ’руадздзынæн». 7Фæлæ Мæм нæ хъуыс-
тат, — зæгъы Дунедарæг, — уæ хъуыддæгтæй
Мæ уæхи фыдæнæн мæсты кодтат.

8Уымæ гæсгæ Уæларвæфсады Бардарæг
афтæ зæгъы: «Мæ ныхæстæм Мын кæй нæ
хъуыстат, 9уый тыххæй Æз фæсиддзынæн
цæгаты æппæт адæмтæм, стæй Мæ цагъар
Навуходоносормæ, Вавилоны паддзахмæ, —
зæгъы Дунедарæг, — æмæ сæ ацы зæххы,
йæ цæрджыты æмæ, сæ алыварс цы адæм-
тæ цæры, æппæт уыдоны ныхмæ схæцын
кæндзынæн. Быныскъуыд сæ фæкæндзы-
нæн, адæмыл æвирхъау тас куыд бафтауой
æмæ хынджылæггаг куыд суой, афтæ; гæ-
нystонмæ æрцæудзысты мыггагмæ. 10Цин,
хъæлдзæгдзинад æмæ чындзæхсæвы уынæр,
куыройы хъыррыст нал фехъусдзысты, цы-
рагъы рухс нал фендзысты. 11Ацы зæхх æга-
сæй дæр æдзæрæг быдыр фестдзæн æмæ йæ
уындæй алкæй тасы æфтаудзæн; æвдай азы
дæргъы ацы адæмтæ уыдзысты Вавилоны
паддзахы уацары.

12Æвдай азы куы рацæуа, уæд Æз сæ фыд-
ракæндты тыххæй Вавилоны паддзах æмæ
йæ адæмы, стæй халдейæгты бæстæ баф-
хæрдзынæн, — зæгъы Дунедарæг, — æнусмæ
йæ æдзæрæг быдыр фестын кæндзынæн.
13Уыцы зæххæн рагацау цы снысан кодтон
æмæ ацы чиныджы цыдæриддæр фыст ис,
Йеремиа æппæт адæмты тыххæй рагуацы
хуызы цыдæриддæр загъта, уыдон Æз иу-
уылдæр сæххæст кæндзынæн. 14Сæхи дæр
сын æнæнымæц адæмтæ æмæ хъомысджын
паддзæхтæ басæтдзысты. Æз сын сæ ми-
тæм æмæ сæ хъуыддæгтæм гæсгæ стæрхон
кæндзынæн».

15Дунедарæг, Израилы Хуыцау мын загъта:
«Айс Мæ къухæй ацы кæхц, йæ мидæг ис Мæ
масты сæн. Цы адæмтæм дæ арвитдзынæн,
уыдонæн дзы се ’ппæтæн дæр бадар. 16Куы
дзы бануазой, уæд ныдздзой-дзой кæндзыс-
ты, цы кард сæм æрвитын, уый куы феной,
уæд сæрра уыдзысты».

17Æз Дунедарæджы къухæй кæхц райстон
æмæ, цы адæмтæм мæ арвыста, уыдонæн дзы
се ’ппæтæн дæр бануазын кодтон: 18Йерусалим
æмæ Иудейы сахартæн, сæ паддзæхтæ æмæ
сæ уæздæттæн — цæмæй сафтид уой æмæ сæ
уындæй алкæй тасы ’фтауой, хынджылæг-
гаг æмæ æлгъыстаг фæуой, æмæ уыдæттæ
ныридæгæн æвзарынц; 19фараон — Мысыры
паддзах, йæ лæггадгæнджытæ, йæ уæздæттæ
æмæ йе ’ппæт адæмæн, 20стæй, се ’хсæн æцæ-
гæлонæй чидæриддæр цæры, уыдонæн; Уцы
бæстæйы паддзæхтæн се ’ппæтæн дæр; филис-
тимаг зæххы æппæт паддзæхтæ — Ашкелон,
Газæ æмæ Екрон, стæй, Ашдоды цæрджытæй
ма чи аирвæзт, уыдонæн; 21Едом, Моав æмæ
Аммоны фырттæн; 22Тир æмæ Сидоны пад-
дзæхтæн се ’ппæтæн дæр; 23Дедан, Тема æмæ
Бузы цæрджытæн, стæй, сæ къæмисæнтæ цы
адæмтæ дасынц, уыдонæн се ’ппæтæн дæр;
24Аравийы æппæт паддзæхтæ æмæ, æдзæ-
рæг быдыры хицауиуæг чи кæны, уыцы пад-
дзæхтæн се ’ппæтæн дæр; 25Зимри, Елам æмæ
Мидийы æппæт паддзæхтæн; 26цæгаты дард
æмæ хæстæг паддзæхтæн, иуæн иннæйы фæ-
дыл — зæххыл цыдæриддæр паддзахæдтæ ис,
уыдонæн се ’ппæтæн дæр. Шешахы паддзах та
уыцы кæхцæй æппæты фæстаг бануаздзæн.

27Зæгъ сын: «Уæларвæфсады Бардарæг,
Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы: нуазгæ кæнут
æмæ ныррасыг ут, сбухъ кæнут æмæ ахаут
зæххыл, кæй уæм æрвитын, уыцы карды
раз уæ бон сыстын куыннæуал суа, афтæ!»
28Дæ къухтæй дын кæхц куынæ исой æмæ
дзы нуазын куынæ комой, уæд-иу сын зæгъ:
«Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы: ба-
нуаздзыстут дзы æнæмæнг! 29Мæ ном кæуыл
сæвæрдæуыд, уыцы сахарæн Æз бæллæхтæ
куы ’взарын кæнон, уæд сымах, ау, æнæф-
хæрдæй баззайдзыстут? Нæ, ницы хуызы,
уымæн æмæ Æз æппæт зæххон цæрджыты
карды амæттаг бакæндзынæн», — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг.
30Ацы ныхæстæ сын иууылдæр фехъу-
сын кæн, зæгъ сын: «Дунедарæг бæрзондæй
ныннæрдзæн, Йæ уаз цæрæнæй райхъуыс-
дзæн Йæ хъæлæс! Ныннæрдзæни Йæ дзугыл,
сæндуцæгау ныхъхъæр кæндзæн æппæт
зæххон цæрджытыл! 31Гыбар-гыбур зæх-
хы кæрæттæм айхъуысдзæн, уымæн æмæ
Дунедарæг адæмтæн тæрхон кæны. Уый
алкæмæй дæр дзуапп æрдомдзæн», — зæ-
гъы Дунедарæг.
32Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Мæнæ иу адæмæй иннæмæ фыдбылыз цæ-
уы, зæххы кæрæттæй стыр тымыгъ сыстад».
33Уыцы бон, Дунедарæг кæй амардзæн,
уыдоны мæрдтæ æгас зæххыл лæзæрдзысты.
Ничи сыл скæудзæн, ничи сæ æрæмбырд
кæндзæн, æмæ ныгæд не ’рцæудзысты, фа-
джысау зæххыл баззайдзысты.
34Фыййæуттæ, кæут æмæ дзыназут! Рæ-
гъауы фæтæгтæ, уæхиуыл рыг æркалут, уы-
мæн æмæ уе ’ргæвдыны рæстæг æрхæццæ;
ныххæлиу уæ кæндзысты, æмæ зынаргъ
мигæнæнау ныппырх уыдзыстут. 35Фый-
йæуттæн бамбæхсын нæ бантысдзæн, рæ-
гъауы фæтæгтæ нæ фервæздзысты.
36Хъуысы фыййæуты кæуын, дзыназынц
рæгъауы фæтæгтæ: Дунедарæг сын бабын
кодта сæ сæрвæттæ! 37Сабыр фосдæттæ Ду-
недарæджы судзгæ мастæй сæфынц! 38Цыма
домбай йæ лæгæтæй рацыд, уый хуызæн сси,
æмæ æгъатыр мастæй, Йæ судзгæ мастæй
æдзæрæг быдыр фестади зæхх!

**26** Иудейаг паддзах Иоаким, Иосиайы
фырт, хицауиуæг кæнын куы райдыдта, уы-
цы заман Дунедарæг Йеремиайæн загъта:
2«Дунедарæг афтæ зæгъы: Дунедарæджы
хæдзары кæрты æрлæуу æмæ, Иудейы сахар-
ты цæрджытæн, бакувынмæ чи æрбацыди,
уыдонæн, цыдæриддæр дын бафæдзæхсон,
уыдæттæ иууылдæр фехъусын кæн, иу дзырд
дæр дзы ма фæуадз. 3Чи зоны, байхъусой,
æмæ дзы алчидæр йæ фыдвæндæгтæ ныу-
уадза. Æмæ уæд аивдзынæн Мæ фæндон,
сæ фыдракæндты аххосæй сыл цы бæллæх
æруадзынмæ хъавын, уый сын нал бавзарын
кæндзынæн.
4Зæгъ сын: „Дунедарæг афтæ зæгъы: ку-
ынæ Мæм байхъусат æмæ, кæй уын радтон,
уыцы Æгъдаумæ гæсгæ куынæ цæрат, 5Мæ
лæггадгæнджыты, пехуымпарты, ныхæс-
тæм куынæ хъусат, — кæд сæм нæ хъусут,
уæддæр уæм Æз æдзухдæр кæй æрвитын,
уыдонмæ, — 6уæд Æз ацы хæдзарæн, Сило-
мæн цы бакодтон, уый бакæндзынæн, ацы
сахар æппæт зæххы адæмтæ куыд æлгъи-
той, афтæ“».
7Йеремиа ацы ныхæстæ Дунедарæджы
хæдзары куы дзырдта, уæд æм сауджынтæ,
пехуымпартæ æмæ адæм иууылдæр хъу-
ыстой. 8Куыддæр Йеремиа, Дунедарæг ын
цыдæриддæр бафæдзæхста, уыдон адæмæн
фехъусын кодта, афтæ йæм сауджынтæ, пе-
хуымпартæ æмæ иннæ адæм фæлæбурдтой
æмæ ныхъхъæр кодтой: «Ды маринаг дæ!
9Дунедарæджы номæй афтæ цæмæн дзурыс,
ацы хæдзар Силомы хъысмæт бавзардзæн,
сахар та сафтид уыдзæн æмæ дзы иунæг
цæрæг дæр нал баззайдзæн, зæгъгæ?»
Адæм иууылдæр Дунедарæджы хæдзары
æрæмбырд сты, цæмæй Йеремиайæн стæр-
хон кæной. 10Иудейаг уæздæттæ уыцы хабар
куы фехъуыстой, уæд паддзахы галуанæй
Дунедарæджы хæдзармæ ’рбацыдысты æмæ
Ног кулдуары бацæуæны раз æрбадтысты.
11Сауджынтæ æмæ пехуымпартæ уæздæт-
тæн, стæй æппæт адæмæн загътой: «Ацы
адæймагæн марыны тæрхон рахæссын хъæ-
уы, уымæн æмæ ацы сахары ныхмæ пеху-
ымпариуæг кодта. Уый сымах фехъуыстат
уæхи хъустæй!»
12Йеремиа уæздæттæ æмæ æппæт адæмæн
загъта: «Ацы хæдзар æмæ ацы сахары ныхмæ
пехуымпариуæг кæнынмæ, стæй, цыдæрид-
дæр фехъуыстат, уыдæттæ дзурынмæ мæн
рарвыста Дунедарæг. 13Уæ фæндæгтæ æмæ
уæ хъуыддæгтæ сраст кæнут. Дунедарæджы,
уæ Хуыцауы, ныхасмæ хъусут, æмæ уæд Ду-
недарæг Йæ фæндон аивдзæн, рагацау уын
цы бæллæх снысан кодта, уый уын нал бав-
зарын кæндзæн. 14Æз та уæ къухты дæн, æмæ
уæм хуыздæр æмæ растдæр цы кæсы, уый
мын бакæнут. 15Фæлæ зонут: куы мæ амарат,
уæд уæхи дæр, стæй ацы сахар æмæ йе ’ппæт
цæрджыты дæр æнаххос адæймаджы тугæй

фæчъизи кæндзыстут! Уымæн æмæ, æцæг
уын зæгъын, ацы ныхæстæ уын хъæлæсы-
дзагæй фехъусын кæнынмæ мæн рарвыста
Дунедарæг».
16Уæд уæздæттæ æмæ æппæт адæм загътой
сауджынтæ æмæ пехуымпартæн: «Ацы лæг
маринаг нæу, уымæн æмæ немæ дзырдта
Дунедарæджы, нæ Хуыцауы, номæй».
17Бæстæйы хистæртæ цалдæрæй сыстадыс-
ты æмæ æгас æмбырдæн загътой: 18«Иудейы
паддзах Езекиайы заман пехуымпариуæг
кодта Морешетаг Миха. Уый æппæт иуде-
йæгтæн дзырдта: „Уæларвæфсады Барда-
рæг афтæ зæгъы: Сион быдырау бахуым
кæндзысты, Йерусалим хæлддзæгты кæри
фестдзæн, ацы Кувæндон цы хохыл арæзт
æрцыд, уый та фестдзæнис хъæд“.
19Фæлæ йæ, ау, паддзах Езекиа æмæ æппæт
иудейæгтæ уыцы ныхæсты тыххæй маргæ
акодтой? Ау, паддзах Дунедарæгæй нæ фæ-
тарст æмæ Йын лæгъстæ нæ кодта? Æмæ уæд
Дунедарæг Йæ фæндон аивта, цы фыдбылыз
сын æрцæттæ кодта, уый сæ аздæхта. Мах
та нæхæдæг нæхи фыдбылызы æппарæм!»
20(Дунедарæджы номæй пехуымпари-
уæг кодта Шемайы фырт Уриа дæр, Кирйат-
Иаримы цæрæг. Уый дæр ацы сахар æмæ
ацы зæххы тыххæй, Йеремиа цыдæриддæр
дзуры, уыдæттæ дзырдта рагуацты хуызы.
21Паддзах Иоаким, йе ’фсæддонтæ æмæ йæ
уæздæттæ пехуымпар Уриайы ныхæстæ
куы фехъуыстой, уæд æй марынвæнд скод-
той. Уриа уый куы базыдта, уæд фæтарст,
æмæ Мысырмæ алыгъди. 22Паддзах Иоаким
Мысырмæ арвыста Ахборы фырт Елнатаны
йæ адæмимæ. 23Уыдон Уриайы Мысырæй
Иоакиммæ æркодтой, æмæ йæ уый кардæй
амарын кодта, йæ мард та йын, хуымæтæг
адæмы кæм фæныгæнынц, уыцы ингæны
ныппарын кодта.)
24Шафаны фырт Ахикам Йеремиайы сæ-
рыл рахæцыд, цæмæй адæмы къухтæм ма-
рынмæ лæвæрд ма æрцæуа.

**27** Иудейы паддзах Цедекиа, Иосиайы фырт,
хицауиуæг кæнын куы райдыдта, уыцы
заман Дунедарæг Йеремиайæн фехъусын
кодта Йæ ныхас.
2Дунедарæг мын загъта: «Сахсæн æмæ
æфсондз сараз æмæ сæ дæ хъуырыл æр-
цауындз. 3Иудейаг паддзах Цедекиамæ
минæвæрттæ æрбацыдысты Йерусалим-
мæ, æмæ сæ уыдонимæ Едом, Моав, Тир,
Сидон æмæ Аммоны фыртты паддзæхтæм
арвит. 4Сæ паддзæхтæн сын афтæ зæгъын
бафæдзæхс: „Уæларвæфсады Бардарæджы,
Израилы Хуыцау, зæгъы: 5Æз Мæ хъомысы
фæрцы Мæхи къухæй сфæлдыстон зæхх,
адæм æмæ цæрæгойты, æмæ Æз ацы зæхх,
кæмæн Мæ фæнды, уымæн ратдзынæн. 6Ныр
уын Æз уæ зæххытæ иууылдæр дæттын Мæ
цагъары, вавилойнаг паддзах Навуходоносо-
ры, къухмæ. Суанг ын хъæддаг сырдты дæр
йæ дæлбар бакæндзынæн. 7Æппæт адæмтæ
йын лæггад кæндзысты, стæй йæ фырт æмæ
йæ фырты фыртæн дæр, цалынмæ йæ зæх-
хæн дæр йæ рæстæг æрцæуа, уæдмæ. Бирæ
адæмтæ æмæ хъомысджын паддзæхтæ йын
лæггад кæндзысты.
8Фæлæ, Вавилоны паддзах Навуходоно-
сорæн ныр лæггад чи нæ кæна æмæ йын йе
’фсондз йæ уæлæ чи не ’ркæна, уыцы адæмы
кæнæ паддзахады Æз бафхæрдзынæн кард,
стонг æмæ рынæй, — зæгъы Дунедарæг, —
уый къухæй сæ фесафдзынæн бынтондæр.
9Ма хъусут пехуымпартæ æмæ дæсны-
фæрсджытæм, фынтæ ’взарджытæм, кæ-
лæнгæнджытæм æмæ стъалыдæснытæм.
Уыдон уын дзурынц, вавилойнаг паддзахæн
лæггад нæ кæндзыстут, зæгъгæ. 10Рагуацты
хуызы уын мæнг ныхæстæ хъусын кæнынц,
цæмæй уæ зæххæй хауæццаг фæуат, цæмæй
уæ Æз фæсурон æмæ бабын уат. 11Вавилой-
наг паддзахы æфсондз йæ уæлæ чи æркæна
æмæ йын лæггад чи кæна, уыцы адæмы Æз
сæхи зæххыл ныууадздзынæн, — зæгъы
Дунедарæг, — кусдзысты сæ зæхх æмæ йыл
цæрдзысты“».
12Уыцы ныхæстæ Æз иууылдæр иудейаг
паддзах Цедекиайæн рафæзмыдтон. Загъ-
тон ын: «Вавилойнаг паддзахы æфсондз уæ
уæлæ æркæнут, йæхицæн дæр æмæ йын йæ
адæмæн дæр лæггад кæнут æмæ цæрдзыс-
тут. 13Дæхæдæг дæр æмæ дæ адæм дæр кард,
стонг æмæ рынæй цæмæн хъуамæ бабын уат?
Дунедарæг ахæм тæрхон рахаста, Вавилоны
паддзахæн лæггад чи нæ кæна, уыцы адæм-
тæн. 14Ма хъусут, Вавилоны паддзахæн йæ
цагъартæ не суыдзыстут, зæгъгæ уын чи
дзуры, уыцы пехуымпартæм, уымæн æмæ
сæ ныхæстæ мæнг сты. 15„Æз сæ нæ арвыс-
тон, — зæгъы Дунедарæг. — Рагуацты хуызы
мæнг ныхæстæ дзурынц Мæ номæй, цæмæй
уæ Æз ацы зæххæй фæсурон æмæ фесæфат
уæ пехуымпартимæ“».
16Уый фæстæ æз сауджынтæ æмæ æппæт
адæмæн фехъусын кодтон: «Дунедарæг афтæ
зæгъы: ма хъусут пехуымпартæм; уыдон уын
дзурынц, тагъд рæстæджы Дунедарæджы
хæдзары дзаума фæстæмæ Вавилонæй ласт

ӕрцӕудзӕни, зӕгъгӕ. Сӕ ныхӕстӕ мӕнг
сты. 17Ма сӕм хъусут, Вавилоны паддза-
хӕн лӕггад кӕнут ӕмӕ цӕрут. Ацы сахар
хӕлддзӕгты кӕри цӕмӕн хъуамӕ феста?
18Кӕд уыдон пехуымпартӕ сты ӕмӕ сӕм
Дунедарӕджы ныхас ис, уӕд Уӕларвӕфсады
Бардарӕгӕн лӕгъстӕ кӕнӕнт, цӕмӕй ма
Дунедарӕджы Кувӕндоны, стӕй Иудейы
паддзахы галуаны ӕмӕ, Йерусалимы цы
мигӕнӕнтӕ баззад, уыдон дӕр Вавилон-
мӕ ласт ма ӕрцӕуой. 19-21Уымӕн ӕмӕ ма
ацы сахары цӕджындзтӕ, ӕрхуы денджыз
ӕмӕ бынӕнцайӕнтӕй уӕлдай цыдӕрид-
дӕр баззади дзаумайӕ — Вавилоны паддзах
Навуходоносор иудейаг паддзах Йехониайы,
Иоакимы фырты, стӕй Иудей ӕмӕ Йеруса-
лимы ӕппӕт уӕздӕтты Вавилонмӕ уацары
куы акодта, уӕд йемӕ кӕй нӕ аласта, — Ду-
недарӕджы Кувӕндон, паддзахы галуан
ӕмӕ Йерусалимы ма цы дзаума баззади,
уыдоны тыххӕй Уӕларвӕфсады Бардарӕг,
Израилы Хуыцау, афтӕ зӕгъы: 22„Уыдон
дӕр Вавилонмӕ ласт ӕрцӕудзысты ӕмӕ
уым баззайдзысты, цалынмӕ Мӕ тӕрхоны
рӕстӕг нӕ ралӕууа, — зӕгъы Дунедарӕг, —
цалынмӕ сӕ Ӕз нӕ рахӕссын кӕнон ӕмӕ
сӕ фӕстӕмӕ ацы бынатмӕ нӕ раздахон,
уӕдмӕ“».

**28** Паддзах Цедекиа цыппӕрӕм аз хица-
уиуӕг кодта Иудейы. Уыцы азы фӕндзӕм
мӕй мын гивонаг пехуымпар, Аззуры фырт
Хананиа, Дунедарӕджы хӕдзары, сауджын-
тӕ ӕмӕ ӕппӕт адӕмы раз загъта: 2«Уӕлар-
вӕфсады Бардарӕг, Израилы Хуыцау, афтӕ
зӕгъы: Ӕз вавилойнаг паддзахы ӕфсондз
ныппырх кӕндзынӕн. 3Дыууӕ азы фӕс-
тӕ Дунедарӕджы хӕдзары дзаума иууыл-
дӕр — вавилойнаг паддзах Навуходоносор
ардыгӕй кӕй ахаста ӕмӕ Вавилонмӕ кӕй
аласта, уыдон — Ӕз фӕстӕмӕ ацы бынатмӕ
раздахдзынӕн. 4Иудейы паддзах Йехониайы,
Иоакимы фырты, стӕй Иудейӕ Вавилон-
мӕ уацары кӕй акодтой, уыцы адӕмы се
’ппӕты дӕр фӕстӕмӕ ардӕм раздахдзы-
нӕн, — зӕгъы Дунедарӕг, — уымӕн ӕмӕ Ӕз
Вавилоны паддзахӕн йе ’фсондз ныппырх
кӕндзынӕн».

5Пехуымпар Йеремиа, Дунедарӕджы
хӕдзары цы сауджынтӕ лӕууыд, уыдоны,
стӕй ӕппӕт адӕмы раз пехуымпар Хана-
ниайӕн дзуапп радта: 6«Дунедарӕг ахӕм
хъуыддаг саразӕд! Уадз ӕмӕ дын Дунедарӕг
сӕххӕст кӕна дӕ рагуац, ӕмӕ Дунедарӕ-
джы хӕдзары дзаума иууылдӕр Вавилонӕй
раздаха, стӕй хаст адӕмы се ’ппӕты дӕр.
7Фӕлӕ-ма байхъус, ӕз дӕуӕн ӕмӕ ӕппӕт
адӕмӕн хъӕлӕсыдзагӕй цы зӕгъдзынӕн,
уымӕ. 8Рагон пехуымпартӕ, мах размӕ
пехуымпариуӕг чи кодта, уыдон бирӕ бӕс-
тӕтӕ ӕмӕ хъомысджын паддзахӕдтӕн
дзырдтой, фидӕны сӕм ӕнхъӕлмӕ кӕй
кӕсынц хӕстытӕ, бӕллӕхтӕ ӕмӕ рынтӕ.
9Пехуымпар-иу рагацау сабырдзинады кой
куы скодта, уӕд-иу, Дунедарӕг ӕцӕг кӕй
рарвыста, ахӕм пехуымпар кӕй у, уый-иу,
ӕрмӕстдӕр йӕ ныхӕстӕ куы сӕххӕст сты,
уӕд рабӕрӕг ис».

10Пехуымпар Ханаииа Йеремиайӕн йӕ
бӕрзӕйӕ ’фсондз систа ӕмӕ йӕ ныппырх
кодта. 11Уый фӕстӕ йын ӕппӕт адӕмы раз
загъта: «Дунедарӕг афтӕ зӕгъы: дыууӕ азы
фӕстӕ, Вавилоны паддзах Навуходоносор
ӕппӕт адӕмы бӕрзӕйыл цы ’фсондз сӕ-
вӕрдта, уый Ӕз афтӕ ныппырх кӕндзынӕн».

Йеремиа йӕ фӕндагыл ацыди.

12Пехуымпар Ханаииа, Йеремиайы бӕр-
зӕйыл цы ӕфсондз уыди, уый куы ныссаста,
уый фӕстӕ Дунедарӕг Йеремиайӕн загъта:
13«Цӕугӕ ӕмӕ Ханаииайӕн Мӕ номӕй афтӕ
зӕгъ: „Ды асастай хъӕдын ӕфсондз, фӕлӕ
йӕ бӕсты Ӕз ӕфсӕйнаг ӕфсондз сараздзы-
нӕн. 14Уымӕн ӕмӕ Уӕларвӕфсады Бардарӕг,
Израилы Хуыцау, афтӕ зӕгъы: Ӕз уыцы
адӕмтӕн се ’ппӕтӕн дӕр сӕ бӕрзӕйыл
ӕфсӕйнаг ӕфсондз бакӕндзынӕн, цӕмӕй
Вавилоны паддзах Навуходоносорӕн лӕггад
кӕной, уый тыххӕй. Уыдон суыдзысты йӕ
цагъартӕ, суанг ын хъӕддаг сырдты дӕр
бакӕндзынӕн йӕ дӕлбар“».

15Ӕмӕ пехуымпар Йеремиа загъта пеху-
ымпар Ханаииайӕн: «Ханаииа, байхъус-ма!
Дунедарӕг дӕ нӕ рарвыста! Ды ацы адӕмӕн
мӕнг ныхӕстӕй зӕрдӕтӕ ӕвӕрыс. 16Уымӕ
гӕсгӕ Дунедарӕг афтӕ зӕгъы: Зӕххы цъа-
рӕй дӕ фесафдзынӕн: ацы аз амӕлдзынӕ,
уымӕн ӕмӕ Дунедарӕджы номӕй мӕнг
ныхӕстӕ дзырдтай».

17Ӕмӕ уыцы азы ӕвдӕм мӕйы пехуымпар
Ханаииа амарди.

**29** Навуходоносор Йерусалимӕй Вавилон-
мӕ уацары кӕй акодта, уыцы адӕмы ’хсӕн
ма цы хистӕртӕ баззад, уыдонмӕ, стӕй сау-
джынтӕ, пехуымпартӕ ӕмӕ ӕппӕт адӕммӕ
Йеремиа Йерусалимӕй арвыста мӕнӕ ацы
фыстӕг. 2Уый уыди, паддзах Йехониа, йӕ
мад, евнухтӕ, Иудей ӕмӕ Йерусалимы уӕз-
дӕттӕ, куырдтӕ ӕмӕ ӕрмдӕсныты Йеру-
салимӕй куы акодтой, уый фӕстӕ. 3Фыстӕг

йæ бынатыл сæмбæлын кæнын бабар кодта
Шафаны фырт Еласа æмæ Хилкиайы фырт
Гемариайæн, Иудейы паддзах Цедекиа ва-
вилойнаг паддзах Навуходоносормæ кæй
арвыста, уыдонæн.
4Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Ху-
ыцау, афтæ зæгъы æппæт хаст адæмæн, Æз
Йерусалимæй Вавилонмæ кæй фæсырдтон,
уыдонæн: 5«Уæхицæн хæдзæрттæ аразут
æмæ дзы цæрут, саразут дыргъдæттæ æмæ
сын сæ дыргътæй хæрут. 6Устытæ курут
æмæ цот уадзут, уæ фырттæн устытæ хæссут
æмæ уæ чызджыты моймæ дæттут, цæмæй
уыдонæн дæр цот цæуа. Ма фæкъаддæр ут,
фæлæ сбирæ ут уыцы зæххыл. 7Цы сахармæ
уæ фæсырдтон, уымæн йæ фарнмæ бæллут
æмæ уыцы сахары тыххæй Дунедарæгмæ
кувут, уымæн æмæ уый фæрнджын куы уа,
уæд сымах дæр æнæмастæй цæрдзыстут».
8Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуы-
цау, афтæ зæгъы: «Уе ’хсæн цы пехуымпартæ
æмæ цы дæсныфæрсджытæ ис, уыдон уæ
ма асайæнт, фынтæ ’взарджытæм ма хъу-
сут. 9Уыцы адæм уын рагуацы хуызы Мæ
номæй дзуринц мæнг ныхæстæ, Æз сæ нæ
арвыстон», — зæгъы Дунедарæг.
10Дунедарæг афтæ зæгъы: «Вавилонæн
цы æвдай азы нысангонд æрцыд, уыдон
куы фæуой, уæд уæм æркæсдзынæн, зæрдæ
уын цæмæй бавæрдтон, уый сæххæст кæн-
дзынæн — раздахдзынæн уæ ацы бынатмæ.
11Уымæн æмæ æрмæстдæр Æз зонын, цы
уын снысан кодтон, уый, — зæгъы Дунеда-
рæг, — уæ фыдбылызы нæ, фæлæ уæ фарны
сæраппонд, цæмæй уæ схайджын кæнон
фидæн æмæ зæрдæдарæнæй.
12Сымах мæ æрцагурдзыстут, ацæудзыстут
æмæ Мæм скувдзыстут, æмæ уæ Æз фехъус-
дзынæн. 13Зæрдиагæй Мæ куы æрцагурат,
уæд Мæ ссардзыстут. 14Æз уæм мæхи раргом
кæндзынæн, — зæгъы Дунедарæг, — уацарæй
уæ раздахдзынæн. Цы бæстæтæ æмæ уæ цы
адæмты ’хсæн ныххæлиу кодтон, уырдыгæй
уæ æрæмбырд кæндзынæн, — зæгъы Дунеда-
рæг, — кæцæй уæ фæсырдтон, уыцы зæхмæ
уæ фæстæмæ раздахдзынæн.
15Сымах дзурут, Дунедарæг нын Вавилоны
дæр пехуымпартæ радта, зæгъгæ. 16-17Фæлæ,
Давиды бадæны чи бады, уыцы паддза-
хы, стæй ацы сахары цæрæг адæмы, уемæ
уацары кæй нæ акодтой, уæ уыцы ’фсы-
мæрты тыххæй Дунедарæг, Уæларвæфсады
Бардарæг, афтæ зæгъы: уыдоны Æз кард,
стонг æмæ рыны амæттаг бакæндзынæн,
фыр æвзæрæй бахæрынмæ цы легъуитæ
нæ бæззынц, уыдоны хуызæн сæ скæндзы-
нæн. 18Сæ фæдыл кард, стонг æмæ рынимæ
зилдзынæн, æппæт зæххон паддзахæдтæн
æнæуынон суыдзысты. Цы адæмтæм сæ фæ-
сурдзынæн, уыдоны ’хсæн сæ æлгъитдзысты,
стыр тасы бацæудзысты сæ уындæй, æлгъаг
æмæ хынджылæггаг суыдзысты, 19уымæн
æмæ Мын Мæ ныхæстæм нæ хъуыстой, — зæ-
гъы Дунедарæг, — Мæ пехуымпарты уылты
сæм æдзухдæр кæй æрвыстон, уыцы ныхæс-
тæм сæ хъус не ’рдардтой. 20Фæлæ сымах,
хаст адæм, Йерусалимæй Вавилонмæ кæй
арвыстон, уыдон, байхъусут Дунедарæджы
ныхасмæ!
21Колайы фырт Ахав æмæ Маасеайы фырт
Цедекиайы, Мæ номæй уын мæнг ныхæстæ
чи дзуры, уыдоны тыххæй Уæларвæфсады
Бардарæг, Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы: ва-
вилойнаг паддзах Навуходоносоры къухмæ
сæ ратдзынæн, æмæ сæ уый уæ цæстыты раз
амардзæн. 22Æмæ-иу уый фæстæ Вавилоны
цæрæг хаст иудейæгтæ, кæрæдзийы куы æл-
гъитой, уæд дзурдзысты: „Дунедарæг дын,
Вавилоны паддзах арты кæй сфизонæг кодта,
уыцы Цедекиа æмæ Ахавы хъысмæт бавза-
рын кæнæд!“ 23Уымæн æмæ уыдон Израилы
цъаммар митыл бафтыдысты: кæйдæр ус-
тытимæ хъахбай митæ кодтой, Æз сын нæ
бафæдзæхстон, афтæмæй Мæ номæй мæнг
ныхæстæ дзырдтой. Æппæт уыдæттæ Æз
зонын, Мæхæдæг дæн æвдисæн», — зæгъы
Дунедарæг.
24-25Нехеламаг Шемайайæн афтæ зæгъ
Уæларвæфсады Бардарæджы, Израилы Ху-
ыцауы, номæй: «Ды дæхи фæндонæй æгас
Йерусалимы цæрджытæ æмæ сауджын Со-
фониамæ, Маасеайы фыртмæ, стæй иннæ
сауджынтæм се ’ппæтмæ дæр фыстæджытæ
фервыстай. Дæ фыстæджы фыстай: 26„Со-
фониа, Дунедарæг дæ сауджын Йеходайы
бæсты сауджынæй сæвæрдта, цæмæй, Ду-
недарæджы хæдзары пехуымпариуæг чи
кæна, уыцы нæрæмонтæм дæ цæст дарай
æмæ-иу сыл хъадамантæ бакæнай. 27Æмæ
уæдæ уæ сахары пехуымпариуæг чи кæны,
уыцы анатотаг Йеремиайы цæуылнæ бау-
ромыс? 28Уый нæм Вавилонмæ афтæ куы
фыста, уæ уацары рæстæг бирæ ахæсдзæн,
уæхицæн хæдзæрттæ аразут æмæ дзы цæрут,
дыргъдæттæ саразут æмæ сын сæ дыргътæй
хæрут, зæгъгæ“».
29Пехуымпар Софониа уыцы фыстæг Йе-
ремиайæн бакасти. 30Æмæ Дунедарæг Йе-
ремиайæн загъта: 31«Хаст адæммæ ныффыс:
Дунедарæг нехеламаг Шемайайы тыххæй

афтæ зæгъы: Шемайа уын пехуымпариуæг
кæй кодта, Æз æй нæ арвыстон, афтæмæй
уын мæнг ныхæстæй ныфсытæ кæй æвæрдта,
32уый тыххæй Дунедарæг зæгъы: Æз нехе-
ламаг Шемайайæн йæхи дæр æмæ йæ фæс-
тагæтты дæр бафхæрдзынæн. Йæ байзæд-
дæгтæй уыцы адæмы ’хсæн ничи цæрдзæн,
æмæ, Мæ адæмæн цы хорзæх ратдзынæн,
уый Шемайа нæ фендзæн, — зæгъы Дуне-
дарæг, — уымæн æмæ Дунедарæджы номæй
мæнг ныхæстæ дзырдта».

**30** Дунедарæг Йеремиайæн загъта: 2«Ду-
недарæг, Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы:
цыдæриддæр дын фехъусын кодтон, уы-
дон тухгæ чиныджы ныффыс. 3Уымæн
æмæ ахæм рæстæг æрцæуыдзæн, — зæгъы
Дунедарæг, — æмæ Æз Мæ адæмы, Израил
æмæ Иудейы, уацарæй раздахдзынæн. Сæ
фыдæлтæн сын цы зæхх радтон, уырдæм сæ
æрбакæндзынæн, исбонæн сын æй ратдзы-
нæн», — зæгъы Дунедарæг.

4Мæнæ сты, Дунедарæг Израил æмæ Иу-
дейы тыххæй цы ныхæстæ загъта, уыдон.
5Афтæ зæгъы Дунедарæг: «Æбуалгъ тасы
хъæртæ хъусæм, бæстæ схъомпал, нал ис
сабырдзинад.
6Бафæрсут-ма искæй æмæ ахъуыды кæнут:
нæлгоймагæн йæ бон ныййарын у? Уæдæ
цы уынын Æз: нæлгоймæгтæ арæг устытау
ныкъкъæдзтæ сты! Сæ цæсгæмттæ мæрдон
фæлурс ныйисты.
7О, додой! Ахæм æвирхъау бон никуыма
æрцыд! Йаковæн йæ фыдбылызы рæстæг
æрхæццæ кæны, фæлæ фервæздзæн.
8Уыцы бон сын Æз, — зæгъы Уæларвæф-
сады Бардарæг, — сæ бæрзæйыл цы ’фсондз
ис, уый ныппырх кæндзынæн, сæ бæндæн-
тæ сын фæйнæрдæм арæдувдзынæн! Æмæ
уæд лæггад кæндзысты æцæгæлæттæн нæ,
9фæлæ Дунедарæгæн, сæ Хуыцауæн, стæй
сæ паддзах Давидæн, сæ сæргъы сын кæй
сæвæрдзынæн, уымæн.
10Уæдæ ма тæрс, мæ цагъар Йаков, — зæ-
гъы Дунедарæг, — ма тæрс, Израил! Æз дæ
дард бæстæй фервæзын кæндзынæн, дæ
байзæддæгты дын раздахдзынæн, уацары
кæм уыдысты, уыцы зæххæй. Раздæхдзæн
Йаков, сабыр æмæ æдасæй цæрдзæн, тасы
йæ ничиуал æфтаудзæн. 11Уымæн æмæ Æз
демæ дæн, — зæгъы Дунедарæг, — Æз дæ
фервæзын кæндзынæн! Цы адæмты ’хсæн
дæ ныххæлиу кодтон, уыдоны ныццæгъд-
дзынæн, æрмæстдæр дæу нæ фесафдзынæн.
Дæ хъуыддæгтæм гæсгæ дæ бафхæрдзынæн,
фæлæ дæ æнæфхæрдæй нæ ныууадздзынæн».
12Дунедарæг афтæ зæгъы: Дæ хъæдгæмт-
тæн сдзæбæхгæнæн нæй, уæззау сты дæ
цæфтæ! 13Дæ цæфтæн хостæ нæй æмæ дын
нæй сдзæбæхы амал, уымæн æмæ дæ хъу-
ыддагыл ничи тыхсы. 14Дæ цæдисонтæ дæ
ферох кодтой, нал дæ агурынц. Знаджы
цæфтæ дыл ныккалдтон, бафхæрдтон дæ
æгъатырæй, уымæн æмæ дæ фыдракæнд-
тæ сбирæ сты, дæ тæригъæдтæн нымæц
дæр нæй!
15Дæ хъæдгæмттæй, дæ уæззау цæфтæй
цы хъæрзыс? Бирæ фыдракæндтæ кæй фæ-
кодтай, дæ тæригъæдтæ æнæнымæц кæй
систы, уый тыххæй дын бавзарын кодтон
адæттæ! 16Фæлæ дæ чидæриддæр ныхъуы-
ры, уыдонæн сæхи дæр аныхъуырдзысты, де
знæгтæ сæхæдæг уацары ацæудзысты, хæ-
лæттаг дæ чи фæкодта, уыдонæн сæхи дæр
сафтид кæндзысты, чи дæ стыгъта, уыдоны
бастигъдзысты. 17Дæ хосгæнæг суыдзынæн
Мæхæдæг, дæ цæфтæ дын байгас кæндзы-
нæн, — зæгъы Дунедарæг. — Дæу хъодыгонд
хуыдтой æмæ дзырдтой: «Сионы сахар ни-
кæйуал хъæуы».
18Дунедарæг афтæ зæгъы: «Æз ногæй
айтындздзынæн Йаковы цатыртæ, йæ хæ-
дзæрттæн ын фæтæригъæд кæндзынæн;
сахар ногæй сырæздзæни хæлддзæгты кæ-
ритæй, æмæ галуан йæ бынаты æрлæудзæн.
19Арфæйы зарджытæ, цины хъæртæ дзы
райхъуысдзысты. Сбирæ сæ кæндзынæн,
æмæ нал фæкъаддæр уыдзысты; скадджын
сæ кæндзынæн, æмæ æгады бынатмæ нал
æрхаудзысты. 20Сæ фырттæ раздæры хуызæн
суыдзысты, се ’хсæнад æрфидар уыдзæн Мæ
разы. Æз сын се ’фхæрджыты бафхæрдзынæн.
21Сæ фæтæг уыдзæни сæхицæй, се ’хсæнæй
рацæудзæн. Æз æй Мæхимæ æрбаввахс кæн-
дзынæн, æмæ Мæм æрбахæстæг уыдзæн.
Йæхи фæндæй Мæм хæстæг æрбацæуын
чи бауæнддзæн? — зæгъы Дунедарæг. —
22Сымах суыдзыстут Мæ адæм, Æз та — уæ
Хуыцау».
23Мæнæ Дунедарæджы тыхдымгæ, фыр
мæстæй абухгæйæ, зилдух кæнын систа!
Тымыгъ сыстад æмæ фыдгæнджыты сæртæ
бабын кæндзæн! 24Дунедарæджы судзгæ
маст не ’рсабыр уыдзæн, цалынмæ Йæ фæнд-
тæ нæ сæххæст кæна, уæдмæ. Уый фидæны
бамбардзыстут.

**31** «Уыцы заман, — зæгъы Дунедарæг, —
Æз Израилы хæдзарвæндæгтæй алкæмæн

дæр суыдзынæн сæ Хуыцау, уыдон та — Мæ
адæм».

2Дунедарæг афтæ зæгъы: «Кардæй чи аир-
вæзт, уыцы адæм хорзæх ссардтой ædзæрæг
быдыры. Æз æрцæудзынæн æмæ басабыр
кæндзынæн Израилы».
3Дунедарæг мæм дардæй фæзынд æмæ
загъта: «Æнусон уарзтæй дæ бауарзтон æмæ
дæ скодтон Мæ хорзæхы аккаг. 4Израилы
чызг, ногæй дæ сараздзынæн, æмæ арæзт
æрцæудзынæ, дæ дала та райсдзынæ æмæ
кафджытимæ хъæлдзæгæй кафдзынæ. 5Са-
марийы хæхтыл ногæй сæндæттæ скæн-
дзынæ, сæндондартæ сæ сараздзысты æмæ
тыллæг æрæмбырд кæндзысты.
6Ралæудзæн ахæм бон, æмæ Ефремы хæх-
тыл хъахъхъæнджытæ ныхъхъæр кæндзыс-
ты: „Сыстут, æмæ Дунедарæгмæ, нæ Хуы-
цаумæ, Сионмæ ссæуæм!“»
7Уымæн æмæ Дунедарæг афтæ зæгъы:
Хъæлдзæгæй зарут Йаковыл, адæмты сæр-
гъы чи лæууы, уый хъæрæй сыстаут æмæ
дзурут: «О Дунедарæг! Фервæзын кæн Дæ
адæмы, Израилы байзæддæгты!»
8Æз Мæ адæмы цæгатаг бæстæй æрба-
кæндзынæн, зæххы кæрæттæй сæ æрæм-
бырд кæндзынæн. Се 'хсæн ис куырмытæ
æмæ къуылыхтæ, æнхъæлцау сылгоймæгтæ,
æвгъæды бадджытæ, — уыдон ардæм æнæ-
нымæцæй раздæхдзысты.
9Ардыгæй цæссыгкалгæ цыдысты, фæлæ
сæ ныр Мæхæдæг басабыр кæндзынæн æмæ
сæ, кæуыл нæ фæкæлдзысты, уыцы раст
фæндагыл цæугæдæттæм акæндзынæн. Уы-
мæн æмæ Æз дæн Израилы фыд, Мæ фыццаг
зæнæг Ефрем у!
10О адæмтæ, байхъусут Дунедарæджы ны-
хасмæ! Дард сакъадæхтæн фехъусын кæнут,
дзурут сын: «Израилы Чи ныххæлиу кодта,
Уый йæ фæстæмæ æрæмбырд кæндзæн æмæ,
фыййау йæ дзуг куыд хъахъхъæны, афтæ йæ
хъахъхъæндзæн».
11Дунедарæг Йаковæн йæ ахæстаргъ ба-
фиддзæн, йæхицæй тыхджындæр чи у, уы-
донæй йæ фервæзын кæндзæн. 12Æрбацæу-
дзысты, æмæ Сионы хохыл сæ цины хъæртæ
хъуысдзысты; цин кæндзысты, Дунедарæг
сын парахатæй кæй ратдзæн, уыдæттыл:
мæнæу, сæн æмæ сойыл, фыстæ æмæ гал-
тыл. Сæ удтæ дидинæгкалæг дыргъдоны
хуызæн суыдзысты, сæ хъизæмарæн кæрон
æрцæудзæн. 13Чызджытæ, лæппутæ æмæ
зæронд лæгтæ, цингæнгæйæ, иумæ каф-
дзысты. Сæ маст сын баивдзынæн цинæй,
басабыр сæ кæндзынæн, хъыджы бæсты сын
хъæлдзæгдзинад ратдзынæн. 14Хæринаджы
хуыздæрæй бафсаддзынæн сауджинты, Мæ
рæдаудзинадæй бафсæддзысты Мæ адæм, —
зæгъы Дунедарæг.
15Дунедарæг афтæ зæгъы: «Рамайæ хъуысы
кæуын, æрдиаг æмæ зæрдæхалæн хъарæг —
уый Рахел йæ хъæбултыл дзыназы, æрса-
быры амал ын нæй, уымæн æмæ нал сты».
16Дунедарæг афтæ зæгъы: «Бауром дæ цæс-
сыгтæ, дæ богъ-богъ! Дæ лæггады тыххæй
хорзæх райсдзынæ, — зæгъы Дунедарæг, —
знаджы зæххæй æрыздæхдзысты. 17Фидæныл
дæ зæрдæ дар, — зæгъы Дунедарæг. — Дæ
фырттæ сæ зæххы хаймæ 'рыздæхдзысты».

18Æз Ефремы хъæрзын хъусын: «Хивæнд
родау мæ бафхæрдтой, æмæ æфхæрд бай-
йæфтон. Раздах мæ, цæмæй фæстæмæ раз-
дæхон, уымæн æмæ Ды Дунедарæг дæ, мæ
Хуыцау!
19Мæ фæндагæй иуварс куы фæзылдтæн,
уæд фæсмон кодтон, зонды къахыл куы
'рлæууыдтæн, уæд мæхи хостон. Ме 'взон-
джы бонты худинаг мемæ кæй фæхастон,
уый тыххæй фæхудинаг æмæ сæгад дæн».

20«Ау, Ефрем Мæ зынаргъ фырт нæу? Ау,
Мæ уарзон хъæбул нал у? Фыдбылызтæ йын
арæх æвзарын кодтон, фæлæ Мæ рох нæу.
Мысын æй, ныххатыр ын кæндзынæн», —
зæгъы Дунедарæг.
21Дæхицæн фæндаджы нысæнттæ æмæ
фæндагамонæнтæ сæвæр! Раздæр цы раст
фæндагыл цыдтæ, уымæ фæстæмæ раз-
дæх! О Израилы чызг, раздæх дæ сахартæм!
22Кæдмæ рахау-бахау кæндзынæ, гадзраха-
тæй рацæуæг чызг!
Дунедарæг зæххыл, æрцæуæн кæмæн нæй,
ахæм хъуыддаг сараздзæн: ус ногæй уыдзæ-
ни йæ мойы раз.
23Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуы-
цау, афтæ зæгъы: «Мæ адæмы уацарæй куы
раздахон, уæд Иудейы зæххыл, йæ сахарты
ногæй дзурдзысты: „О рæстдзинады хæдзар,
о уаз хох! Дунедарæг дын арфæ ракæнæд!“
24Иудей æмæ йе 'ппæт сахарты æрцæр-
дзысты адæм, зæхкусджытæ æмæ фыййæут-
тæ. 25Фæллад адæмæн бадардзынæн дон,
бафсаддзынæн фæлмæцыдты».
26Уыцы рæстæг æз райхъал дæн æмæ акас-
тæн мæ алыварс. Мæ фын мын æхсызгон
уыди.
27«Æрцæудзæн ахæм рæстæг, — зæгъы
Дунедарæг, — æмæ Æз Израил æмæ Иудейы

байзæддæгты байдзаг кæндзынæн адæм
æмæ фосы мыггагæй. 28Раздæр сæ мæ цæст
куыд нæ истон, цæмæй сæ ныццæгъдон æмæ
ныддæрæн кæнон, ныззыгуым сæ кæнон
æмæ сæ фесафон, фыдбылызтæ сын бавза-
рын кæнон, афтæ сæ ныр дæр, аразгæйæ æмæ
таугæйæ, Мæ цæст нæ исдзынæн, — зæгъы
Дунедарæг. — 29Уыцы заман афтæ ничиуал
зæгъдзæн: „Сæ фыдæлтæ цъæх сæнæфсир
хордтой, æмæ сæ сывæллæтты дæндæгтæ
фехæлдысты“, зæгъгæ. 30Уымæн æмæ-иу
алкæмæн дæр мæлæты тæрхон рахæсдзысты
йæхи фыдракæндтæм гæсгæ: цъæх сæнæф-
сир чи бахæра, уымæн-иу фехæлдзысты йæ
дæндæгтæ».
31Ахæм рæстæг æрцæудзæн, — зæгъы Ду-
недарæг, — æмæ Æз Израилы байзæддагимæ
æмæ Иудæйы байзæддагимæ сараздзынæн
Ног Фидыд. 32Сæ фыдæлты сын, сæ къухтыл
хæцгæйæ, Мысырæй куы ракодтон, уæд се-
мæ кæй сарæзтон, ахæм фидыд нæ. Кæд Æз
сæ Бардарæг уыдтæн, уæддæр уыдон уыцы
фидыд фехæлдтой, — зæгъы Дунедарæг. —
33Мæнæ ис, Израилы байзæддæгтимæ уыцы
заманы фæстæ цы Фидыд сараздзынæн,
уый, — зæгъы Дунедарæг: Ме 'Гъдау сын сæ
сæрызонды бавæрдзынæн, сæ зæрдæтыл
сын æй ныффысдзынæн. Æз уыдзынæн сæ
Хуыцау, уыдон та — Мæ адæм. 34Алчи кæрæ-
дзийы æмæ æфсымæр æфсымæры нал ахуыр
кæндзæн æмæ нал дзурдзæн, Дунедарæджы
базонут, зæгъгæ, — иууылдæр Мæ зондзыс-
ты, стырæй, чысылæй, — зæгъы Дунедарæг. —
Æз сын сæ фыдракæндтæ ныббардзынæн,
сæ тæригъæдтæ сын нал æрымысдзынæн.
35Афтæ зæгъы Дунедарæг, боныгон рухс
кæнынæн хур Чи радта, мæй æмæ стъалы-
тæн, цæмæй æхсæвыгон рухс кæной, уый
тыххæй уагæвæрдтæ Чи скодта, денджызы
уылæнтæ гуыр-гуыр куыд кæной, афтæ Чи
сызмæнты, Йæ ном Уæларвæфсады Барда-
рæг Кæмæн у: 36«Кæд ацы уагæвæрдтæ сæ
куыстæй ныллæудзысты Мæ разы, — зæгъы
Дунедарæг, — уæд Израилы байзæддæгтæ
дæр нал уыдзысты Мæ адæм».
37Дунедарæг афтæ зæгъы: «Бæрзонд арвæн
сбарæн куыд нæй, зæххы бындуртæн — бас-
гарæн, афтæ Æз дæр Израилы байзæддæгты
сæ хъуыддæгты тыххæй Мæхицæй никуы
аппардзынæн, — зæгъы Дунедарæг.
38Æрцæудзæн ахæм рæстæг, — зæгъы Ду-
недарæг, — æмæ ацы сахар Хананелы мæсы-
гæй Тигъы кулдуары онг ногæй арæзт æр-
цæудзæни Дунедарæджы кадæн. 39Зæхбарæн
синаг аххæсдзæн Гаревы къуыбырмæ æмæ
айтындздзæн суанг Гоайы 'рдæм. 40Абон
мæрдтæ æмæ фæнычы бын чи фæци, уыцы
дæлвæз, Кедроны цæугæдон æмæ, скæсæны
чи ис, уыцы Бæхы кулдуары онг цы быдыртæ
'ххæссынц, уыдон иууылдæр Дунедарæджы
уаз зæххы хай суыдзысты, никуыуал сæ
ничи ныппырх кæндзæн æмæ фесафдзæн».

**32** Паддзах Цедекиа Иудейы дæсæм аз
хицауиуæг куы кодта, уæд Дунедарæг Йе-
ремиайæн фехъусын кодта Йæ ныхас. Уыцы
заман Навуходоносоры паддзахдзинадыл
цыди æстдæсæм аз.
2Вавилойнаг паддзахы 'фсад æрхъула
кодта Йерусалимыл, пехуымпар Йеремиа
та иудейаг паддзахы галуаны, хъахъхъæн-
джыты кæрты, ахæстоны бадти. 3Иудейы
паддзах Цедекиа Йеремиайы ахæстоны сба-
дын кодта æмæ йын загъта: «Ахæм рагуацтæ
цæмæн хъусын кæныс? Ды дзурыс: „Афтæ
зæгъы Дунедарæг: Æз ацы сахар вавилой-
наг паддзахы къухмæ ратдзынæн, æмæ йæ
бацахсдзæн. 4Иудейы паддзах Цедекиа дæр
халдейæгты къухтæй нæ аирвæздзæн, æнæ-
мæнг Вавилоны паддзахы къухмæ бахаудзæн
æмæ йемæ лæгæй-лæгмæ ныхас кæндзæн.
5Уый Цедекиайы акæндзæн Вавилонмæ,
æмæ уым баззайдзæн, цалынмæ йæм Æз
не 'ркæсон, уæдмæ, — зæгъы Дунедарæг. —
Халдейæгты ныхмæ куы тох кæнат, уæд сыл
нæ фæуæлахиз уыдзыстут“».
6Йеремиа дзуапп радта: «Дунедарæг мын
фехъусын кодта Йæ ныхас: 7дæ фыды 'фсы-
мæр, Шаллумы фырт Ханамел дæм æрбацæу-
дзæн æмæ дын зæгъдзæн: „Анатоты саха-
ры раз мын цы зæххы хай ис, уый балхæн,
мæ хæстæджытæй мын дæуæй æввахсдæр
ничи у, æмæ йын цъындыаргъ хъуамæ ды
бафидай“».
8Æмæ мæнæ, Дунедарæг куыд загъта, аф-
тæ мæм мæ фыды 'фсымæры фырт Ханамел
хъахъхъæнджыты кæртмæ æрбацыд æмæ
загъта: «Бениамины зæххыл мын, Анатоты
сахары цур, зæххы хай ис, æмæ йæ балхæн,
уымæн æмæ уыцы зæхх дæу хъуамæ уа, йæ
цъындыаргъ дæуæн фидгæ у, балхæн æй».
Уæд æз бамбæрстон, Дунедарæджы ныхас
кæй сæххæст ис, уый. 9Æмæ мæ фыды 'фсы-
мæры фырт Ханамелæй, Анатоты сахары
йын цы зæххы хай уыди, уый балхæдтон,
æвддæс шекелы йын æвзист сбарстон. 10Æл-
хæды æвдисæндар ныффыстон æмæ йыл мы-
хуыр сæвæрдтон. Æвдисæнтæм фæдзырдтон
æмæ æвзист барæныл сбарстон. 11Æлхæ-
ды æвдисæндар райстон — иу дзы сфидар

кодтон мыхуырæй, иннæуыл та мыхуыр
æвæрд нæ уыд, — 12æмæ сæ радтон Нериайы
фырт Барухмæ, Махсейы фырты фыртмæ.
Уыцы рæстæг нæ разы уыдысты мæ фыды
'фсымæры фырт Ханамел, æлхæды æвди-
сæндартыл сæ къухтæ чи бафыста, уыцы
æвдисæнтæ æмæ, хъахъхъæнджыты кæрты
цы иудейæгтæ бадти, уыдон иууылдæр. 13Æз
сæ разы бафæдзæхстон Барухæн: 14«Уæлар-
вæфсады Бардарæг, Израилы Хуыцау, афтæ
зæгъы: райс ацы дыууæ æвдисæндары — мы-
хуыр æвæрд кæуыл ис, уый, стæй, мыхуыр
кæуыл нæ сæвæрдæуыд, уый дæр — æмæ сæ
дзæвгар рæстæгмæ æлыгæй конд дурыны
цæвæр. 15Уымæн æмæ Уæларвæфсады Бар-
дарæг, Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы: ацы
зæххыл ногæй æлхæндзысты хæдзæрттæ,
зæххы хæйттæ æмæ сæндæттæ».

16Æлхæды æвдисæндартæ Нериайы фырт
Барухмæ радтон æмæ Дунедарæгмæ скуыв-
тон: 17«О Дунедарæг Хуыцау! Де 'гæрон хъо-
мысæй, Дæ къухæй Ды сфæлдыстай уæ-
лæрвтæ æмæ зæхх! Дæуæн æппæт дæр у дæ
бон! 18Дæ хорзæхтæ мингай адæмæн раттыс,
ныййарджыты тæригъæдтæ бафидын кæ-
ныс сæ цотæн.

О хъомысджын стыр Хуыцау, Йæ ном —
Уæларвæфсады Бардарæг! 19Æгæрон хъо-
мыс — Йæ фæндты, Йæ хъуыддæгтæ — æнæ-
нымæц! Уый адæмæн сæ фæндæгтæ иууыл-
дæр уыны, æмæ алкæмæн дæр йæ фæндагмæ,
йæ хъуыддæгтæм гæсгæ бафиды.

20Ды фенын кодтай æвдисæйнæгтæ æмæ
диссæгтæ Мысыры. Абоны онг сæ Израил
æмæ æппæт адæмы 'хсæн æвдисыс, скад-
джын кодтай Дæхи, æмæ уыцы кад Демæ
ис ныр дæр. 21Израилы, Дæ адæмы, Мысыры
зæххæй ракодтай æвдисæйнæгтæ æмæ дис-
сæгтимæ — Дæ хъомысы, Дæ къухы фæрцы,
æвирхъау тас сыл бахæцын кодтай, афтæмæй.
22Сæ фыдæлтæн сын, сомы ракæнгæйæ, зæр-
дæ кæмæй бавæрдтай, æхсыр æмæ мыд цы
зæххæй хъары, уый сын радтай. 23Уыдон æм
æрбацыдысты æмæ йæ бацахстой, фæлæ
Дын Дæ ныхасмæ нæ хъуыстой, Де 'Гъдаумæ
гæсгæ нæ цардысты. Цы сын бафæдзæхстай,
уыдæттæ не 'ххæст кодтой, æмæ сыл Ды ацы
фыдбылызтæ уымæн æруагътай.

24Сыджытбырутæ бахæццæ сты сахармæ,
бацахсдзысты йæ. Халдейæгтæ сахарыл æр-
хъула кодтой, æмæ сæ къухмæ бахаудзæн,
кард, стонг æмæ рынæй йæ басæтдзысты.
Рагацау цы загътай, уый сæххæст ис, æмæ
ныр Дæхæдæг уый уыныс. 25Афтæмæй мын,
о Дунедарæг Хуыцау, фæдзæхсыс, дæхицæн
æвзистæй зæххы хай балхæн æмæ æвдисæн-
тæм фæдзур, зæгъгæ, кæд æмæ ацы сахар
халдейæгты къухтæм бахаудзæн».

26Дунедарæг Йеремиайæн загъта: 27«Æз
Дунедарæг дæн, æппæт цæрæг удты Хуы-
цау. Мæ бон саразын цы нæу, ахæмæй исты
ис? 28Уымæ гæсгæ Дунедарæг афтæ зæгъы:
Æз ацы сахар халдейæгтæ æмæ вавилойнаг
паддзах Навуходоносоры къухмæ ратдзы-
нæн, паддзах æй бацахсдзæн. 29Сахарыл цы
халдейæгтæ æрхъула кодтой, уыдон æрба-
цæуудзысты æмæ йæ арты хай бакæндзысты.
Израилæгтæ сæ уæлхæдзæрттыл Баалæн
буд кæм сыгътой æмæ сæн кæм калдтой
æндæр хуыцæуттæн, цæмæй Мæн мæсты
кæной, уый тыххæй, уыцы хæдзæрттæ ба-
судздзысты. 30Уымæн æмæ Иудей æмæ Из-
раилы фырттæ се 'взонджы бонтæй абонмæ
Мæ разы æрмæст фыдракæндтæ кодтой,
сæ хъуыддæгтæй Мæ æрмæстдæр мæсты
кодтой, — зæгъы Дунедарæг. — 31-32Ацы
сахар арæзт куы 'рцыди, уæдæй абонмæ
йæм мæстæй судзын, æмæ дзы Ме 'ргом
аздахдзынæн, Иудей æмæ Израилы фырт-
тæ, хуымæтæг адæмæй паддзæхты онг, сæ
сауджынтæ æмæ сæ пехуымпартæ, Иудей
æмæ Йерусалимы цæрджытæ кæй фæкодтой
æмæ-иу сæм Мæ маст кæй тыххæй ссыгъд,
уыцы фыдракæндты тыххæй. 33Се 'ргомы
бæсты Мæм раздæхтой сæ чъылдым. Æз
сын æдзухдæр зонд амыдтон, фæлæ нæ
хъуыстой, зондамындтæ ницæмæ æрдард-
той. 34Мæ ном кæуыл сæвæрдæуыд, уыцы
Хæдзары се 'лгъæгтæ сæвæрдтой, фæчъизи
йæ кодтой. 35Хинномы фырты дæлвæзы Ба-
алæн кувæндæттæ скодтой, цæмæй дзы сæ
фырттæ æмæ сæ чызджыты Молохæн арты
нывондæн хæссой! Æз сын ахæм бардзырд
нæ радтон! Мæ хъуыдыйы дæр нæ уыд, цæ-
мæй ахæм æлгъаг митæ кæной æмæ Иудей
тæригъæдты бынæй мауал зына!»

36Сымах афтæ кæмæй дзурут, вавилойнаг
паддзахы къухмæ лæвæрд æрцыди, кард,
стонг æмæ рыны амæттаг бауыдзæн, зæгъгæ,
уыцы сахары тыххæй Дунедарæг, Израилы
Хуыцау, афтæ зæгъы: 37«Æз сæ, фыр мæстæй
пиллон арт уадзгæйæ, кæдæм фæсырдтон,
уыцы бæстæтæй æрæмбырд кæндзынæн
æмæ сæ ногæй ацы бынатмæ раздахдзынæн,
æнæмаст цардæй сæ схайджын кæндзынæн.
38Уыдон уыдзысты Мæ адæм, Æз та — сæ
Хуыцау. 39Иу зæрдæ æмæ иу фæндаг сын
ратдзынæн, цæмæй Мæ цæрæнбонты тæрсой
сæхи æмæ сæ байзæддæгты фарны сæрап-
понд. 40Æз семæ сараздзынæн æнусон фидыд

æмæ сæ уыцы фидыдмæ гæсгæ никуыуал
ныууадздзынæн, Мæ хорзæхæй сæ æнæ-
хай никуыуал фæкæндзынæн. Сæ зæрдæты
сын тас бавæрдзынæн, цæмæй Мæ тæрсой,
се 'ргом Мæ мауал аздахой. 41Мæ хорзæхтæ
сын цинимæ дæтдзынæн, зæрдиагæй сæ
ацы зæххыл байтаудзынæн».
42Уымæн æмæ афтæ зæгъы Дунедарæг:
«Æз ацы адæмæн стыр бæллæхтæ бавзарын
кодтон, фæлæ сын зæрдæ цы хорзæхтæй ба-
вæрдтон, уыдон дæр иууылдæр ратдзынæн.
43-44Æмæ сымах афтæ цы зæххæй дзурут,
æдзæрæг быдыр фестад, адæм æмæ фосы
мыггаг дзы нал баззад, халдейæгты къухтæм
лæвæрд æрцыд, зæгъгæ, уым та ногæй зæххы
хæйттæ æлхæндзысты. Фиддзысты сын æв-
зист, æлхæды æвдисæндартыл æвæрдзысты
мыхуыртæ æмæ 'вдисæнтæм дзурдзысты.
Афтæ уыдзæни Бениамины зæххыл, Йеру-
салимы алфамбылай æмæ Иудейы æппæт
сахарты, стæй Шефела æмæ Негевы сахарты,
уымæн æмæ сæ Æз уацарæй раздахдзы-
нæн», — зæгъы Дунедарæг.

**33** Йеремиа ма хъахъхъæнджыты кæрты
ахæстоны куы бадти, уæд ын Дунедарæг
дыккаг хатт загъта: 2Афтæ зæгъы Дунедарæг,
зæхх Чи сфæлдыста, Чи йæ сарæзта æмæ йæ
Чи сфидар кодта, Уый: 3балæгъстæ Мын кæн,
æмæ дын Æз дзуапп ратдзынæн, цы нæ зо-
ныс æмæ адæймаджы зонд цæмæ не 'ххæссы,
уыцы диссæгтæ дын фенын кæндзынæн.
4Уымæн æмæ Дунедарæг, Израилы Хуыцау,
ацы сахары хæдзæртты æмæ иудейаг пад-
дзæхты галуанты, фыдгулты кардæй чи
ныппырх уыдзæн, уыдоны тыххæй зæгъы:
5сæ цæрджытæ рацыдысты халдейæгты
ныхмæ хæцынмæ, фæлæ Æз ацы хæдзæрттæ,
фыр мæстæй пиллон арт уадзгæйæ, фесаф-
дзынæн, уыцы хæдзæрттæ адæмы мæрдтæй
байдзаг уыдзысты, уымæн æмæ Æз ацы
сахарæй се 'ппæт фыдракæндты тыххæй
Ме 'ргом аздæхтон. 6Фæлæ Æз ацы сахары
цæрджытæн æнæниздзинад ратдзынæн,
сдзæбæх сæ кæндзынæн, парахатæй сын
сабырдзинад æмæ æдасдзинад ратдзынæн.
7Æз Иудей æмæ Израилы уацайрæгты фæс-
тæмæ раздахдзынæн, раздæрау сæ сфидар
кæндзынæн. 8Мæ разы цы тæригъæдтæ фæ-
кодтой, уыдонæй сæ ссыгъдæг кæндзынæн.
Мæ ныхмæ-иу куы сыстадысты, уæд цы фыд-
ракæндтæ арæзтой, уыдон сын ныббардзы-
нæн. 9Ацы сахар Мæ æппæт зæххон адæмты
'хсæн скадджын кæндзæн. Цы хорзæхтæ йын
балæвар кодтон, уый куы фехъусой, уæд Мæ
цингæнгæйæ стаудзысты. Цы фарнæй йæ
схайджын кодтон, уый куы базоной, уæд
фыр тæссæй нырриздзысты.
10-11Дунедарæг афтæ зæгъы: «Ацы бына-
ты тыххæй сымах дзурут: „Уый у æдзæрæг
быдыр, нал дзы адæймаг ис, налдæр фосы
мыггаг!“ Фæлæ Иудейы сахартæ æмæ Йе-
русалимы уынгты, адæм æмæ фосы мыггаг
кæм нал баззад, уым та ногæй цин, хъæл-
дзæгдзинад æмæ чындзæхсæвы уынæр
хъуысдзæн. Дунедарæджы хæдзармæ ар-
фæйы нывæндтæ чи хæсдзæн, уыцы адæм
дзурдзысты: „Уæларвæфсады Бардарæджы
стаут, уымæн æмæ хорзæхджын у Дунедарæг,
Йæ хорзæхтæ нæ фесæфдзысты мыггамæ!“
Уымæн æмæ Æз ацы зæххæн йæ раздæры
æнæмаст цард раздахдзынæн».
12Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Ацы бынат сафтид ис, нал дзы адæм ис, нал
цæрæгойтæ. Фæлæ ацы сахартæй алкæй
раз дæр ногæй фæзындзысты фосхизæн
сæрвæттæ, æмæ дзы фыййæуттæ сæ фос
хиздзысты. 13Хæххон сахарты, стæй Шефела
æмæ Негевы сахарты, Бениамины зæххыл
æмæ Йерусалимы алфамбылæйтты, Иудейы
сахарты — алы ран дæр, чи сæ нымайдзæн,
уыдоны дæлбар ногæй фосы рæгъæуттæ
хиздзысты, — зæгъы Дунедарæг.
14Ахæм рæстæг æрцæудзæн, — зæгъы Ду-
недарæг, — æмæ Æз сæххæст кæндзынæн,
Иудей æмæ Израилы байзæддæгтæн зæрдæ
цæмæй бавæрдтон, уый. 15Уыцы заман Мæ
фæндонæй сырæздзæни рæстаг Æвзар, Да-
виды байзæддаг, æмæ зæххыл раст тæрхон
кæндзæн. 16Уыцы заман Иудей фервæздзæн,
Йерусалим æдасæй цæрдзæн, схондзысты
йæ: „Дунедарæг — нæ рæстад“. 17Уымæн æмæ
Дунедарæг афтæ зæгъы: Давиды мыггагæн
Израилы паддзахы бадæныл алкæддæр йæ
бар цæудзæни. 18Сауджын левиттæ кæддæ-
риддæр Мæ разы иууылсудзинæгтæ æмæ
æрвылбоны нывæндтæ хæсдзысты, хойра-
джы хуынтæ Мын судздзысты».
19Дунедарæг Йеремиайæн фехъусын кодта
Йæ ныхас: 20«Афтæ зæгъы Дунедарæг: „Кæд,
Æз бон æмæ æхсæвимæ цы фидыд сарæзтон,
уый искæмæн йæ бон фехалын у, цæмæй
афоныл мауал фæзыной, уый тыххæй, 21уæд
Мæ цагъар Давидимæ æмæ, Мæ разы лæггад
чи кæны, уыцы левиттимæ цы фидыд сфидар
кодтон, уый дæр фехалæн ис, æмæ Давидæн,
йæ паддзахы бадæны хицауиуæг чи кæна,
ахæм байзæддæгтæ нал уыдзæн. 22Стъалы-
тæн банымайæн куыд нæй, денджызы зми-
сæн — сбарæн, афтæ Æз сбирæ кæндзынæн

Мæ цагъар Давиды байзæддæгты æмæ Мæ
лæггадгæнджыты, левитты“».
[23]Дунедарæг Йеремиайæн загъта: [24]«Ацы
адæм цы ныхæстæ кæнынц, уый нæ хъусыс?
Уыдон дзурынц: „Дунедарæг цы дыууæ хæ-
дзарвæндаджы равзæрста, уыдонæй Йе ’ргом
аздæхта“. Уымæ гæсгæ Мæ адæмыл æлгъ
кæнынц æмæ сæ цæсты адæмыл нымад
дæр нал сты».
[25]Дунедарæг афтæ зæгъы: «Бон æмæ æхсæ-
вимæ фидыд куыд саразтон, арв æмæ зæххы
æгъдæуттæ куыд сфидар кодтон, [26]афтæ Ме
’ргом нæ аздахдзынæн Йаков æмæ Мæ цагъар
Давиды байзæддæгтæй, цæмæй Авраам,
Исаак æмæ Йаковы фæстагæттæй паддзах
маул равзарон, уый тыххæй. Уымæн æмæ
сæ Æз уацарæй раздахдзынæн æмæ сын
ныххатыр кæндзынæн».

## 34

Вавилоны паддзах Навуходоносор йе
’фсадимæ æмæ, кæй басаста, уыцы паддза-
хæдтæ æмæ адæмтимæ Йерусалим æмæ йæ
алыварс сахартыл куы ’рхъула кодта, уыцы
заман Дунедарæг Йеремиайæн загъта: [2]«Ду-
недарæджы, Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы:
„Ацу Иудейы паддзах Цедекиамæ æмæ йын
Дунедарæджы, Израилы Хуыцауы, номæй
афтæ зæгъ: Æз ацы сахар дæттын вавилой-
наг паддзах Навуходоносоры къухмæ, æмæ
йæ басудздзæн. [3]Дæхæдæг дæр паддзахæй
нæ аирвæздзынæ, æрцахсдзысты дæ, æмæ
йæ къухмæ бахаудзынæ. Вавилоны паддза-
хы раз æрлæудзынæ, йемæ лæгæй-лæгмæ
ныхас кæндзынæ æмæ Вавилонмæ уацары
ацæудзынæ. [4]Фæлæ байхъус Дунедарæджы
ныхасмæ, Цедекиа, Иудейы паддзах! Дуне-
дарæг афтæ зæгъы дæу тыххæй: ды карды
цæфæй нæ амæлдзынæ, [5]сабыр зæххыл дæ
мæлæт ссардзынæ. Дæ фыдæлтæн æмæ, дæ
размæ чи уыди, уыцы паддзæхтæн хæрз-
дæфгæнæнтæ куыд сыгътой, афтæ дæ номыл
дæр буд ссудздзысты æмæ, додой, нæ хицау,
зæгъгæ, хъарæг кæндзысты.“ Уый Æз рагацау
Мæхæдæг, — зæгъы Дунедарæг».
[6]Йеремиа ацы ныхæстæ иууылдæр Йе-
русалимы иудейаг паддзах Цедекиайæн
фехъусын кодта. [7]Уыцы рæстæг вавилойнаг
паддзахы ’фсад хæцыди Йерусалимы, стæй,
Иудейы сахартæй ма чи аирвæзт, уыдоны,
Лахиш æмæ Азекайы, ныхмæ. Æрмæст ма
ацы дыууæ сахарæн сæ бырутæ нæ басастой.

[8]Дунедарæг Йеремиайæн фехъусын кодта
Йæ ныхас. Уыцы заман паддзах Цедекиа
Йерусалимы æппæт цæрджытимæ сфидар
кодта фидыд, цæмæй сæ цагъарты ссæри-
бар кæной. [9]Алчидæр хъуамæ йæ дзуттаг
цагъартæн, усæй, лæгæй, сæрибар раттаид
æмæ йе ’фсымæрты, иудейæгты, йæхимæ
цагъарæй мачиуал дардтаид. [10]Уæздæттæ,
стæй фидыд чи сарæзта, уыцы адæм се ’ппæт
дæр сæ цагъарты суæгъд кæныныл æмæ сæ
уацары маудал дарыныл сразы сты. [11]Фæлæ
уый фæстæ сæ фæнд аивтой æмæ, кæй ауагъ-
той, уыцы цагъарты раздæхтой, фæстæмæ та
сæ цагъайрæгтæ скодтой. [12]Æмæ Дунедарæг
Йеремиайæн загъта: [13]«Дунедарæг, Израи-
лы Хуыцау, афтæ зæгъы: уæ фыдæлты уын
Мысырæй куы ракодтон, уæд семæ сфидар
кодтон фидыд. Загътон сын: [14]„Алчидæр уæ
йе ’фсымæры, кæй балхæдта, уыцы дзутта-
джы, йæ куысты æвдæм аз хъуамæ ауадза.
Æхсæз азы йын лæггад кæнæд, уый фæстæ
йæ хъуамæ ссæрибар кæна“. Фæлæ Мæм уæ
фыдæлтæ нæ хъуыстой, Мæ ныхæстæ Мын
ницæмæ æрдардтой. [15]Ныр сымах æрфæс-
мон кодтат æмæ, Æз растыл кæй нымайын,
ахæм хъуыддаг сарæзтат Мæ разы: алчидæр
уæ йе ’фсымæры ссæрибар кодта. Мæ ном
кæуыл сæвæрдæуыд, уыцы хæдзары Мемæ
фидыд сфидар кодтат. [16]Фæлæ уый фæстæ
уæ фæнд аивтат æмæ Мын Мæ ном сæгад
кодтат. Алчидæр уæ ауагъта йæ цагъарты,
цæмæй, кæдæм сæ фæнды, уырдæм цæуой,
фæлæ сæ фæстæмæ раздæхтат æмæ та сæ
ногæй уæхицæн цагъайрæгтæ скодтат.
[17]Уымæ гæсгæ Дунедарæг афтæ зæгъы: Мæ
ныхасмæ Мын кæй нæ байхъуыстат æмæ
уе ’фсымæрты, уæ хиуæтты кæй не ссæри-
бар кодтат, уый тыххæй уын Æз ныр лæвар
кæнын сæрибар, — зæгъы Дунедарæг, — сæ-
рибарæй кард, стонг æмæ рынæй амæлыны
фадат. Æз сымахæй æппæт зæххон паддза-
хæдтæн æвирхъау дæнцæг сараздзынæн!
[18]Мæ фидыд Мын чи фехæлдта æмæ фи-
дыды ныхæстæ чи нæ сæххæст кодта, уыцы
адæмæн Æз, дыууæ дихы кæй акодтой æмæ
йæ хæйтты ’хсæн кæмæн ацыдысты, уыцы
роды ми бакæндзынæн. [19]Иудей æмæ Йеру-
салимы уæздæттæ, барджынтæ, сауджынтæ
æмæ ацы бæстæйы æппæт адæмы — уыцы
родæн йæ дыууæ ’рдæджы астæу чи ацыди,
уыдоны се ’ппæты дæр, [20]сæ мæлæтмæ чи
бæллы, уыцы знæгты къухмæ ратдзынæн,
сæ мæрдтæ уæларвон мæргътæ æмæ зæх-
хон сырдтæн холы суыдзысты. [21]Æз иудейаг
паддзах Цедекиа æмæ йæ уæздæтты, сæ
мæлæтмæ чи бæллы, уыцы знæгты амæттаг
бакæндзынæн, уæ зæххæй чи аздæхт, уыцы
вавилойнаг æфсады къухмæ сæ ратдзынæн.

22Æз бардзырд ратдзынæн, — зæгъы Ду-
недарæг, — æмæ фæстæмæ ацы сахармæ
раздæхдзысты. Æрхъула йыл кæндзысты,
бацахсдзысты йæ æмæ йæ басудздзысты.
Æз Иудейы сахартæ ædзæрæг быдыр фестын
кæндзынæн».

**35** Иудейаг паддзах, Иосиайы фырт Ио-
акимы паддзахиуæджы заман Дунедарæг
Йеремиайæн загъта: 2«Ацу рехавонтæм æмæ
сæ æрбахон Дунедарæджы хæдзармæ, йæ
агъуыстытæй иумæ, сæ разы-иу сын сæн
æрæвæр».
3Æз фæсидтæн Хавацинийы фырты фырт,
Йеремиайы фырт Иазанимæ, стæй уымæн
йе 'фсымæртæм, йæ фырттæм æмæ реха-
вонты æппæт мыггагмæ. 4Æрбакодтон сæ
Дунедарæджы хæдзармæ, пехуымпар Ха-
наны фыртты, Игдалиайы фырты фырт-
ты, агъуыстмæ. Уыцы уат уыди уæздæтты
агъуысты цур, йæ бынмæ та уыди Шаллумы
фырт Маасеайы, хæдзары бацæуæн хъахъ-
хъæнæджы, уат.
5Æз рехавонтæн сæ разы сæнæй йедзаг
дурынтæ æмæ нуазæн кæхцытæ æрæвæрд-
тон, загътон сын: «Бануазут сæн». 6Фæлæ
мын уыдон дзуапп радтой: «Мах сæн нæ
нуазæм, уымæн æмæ нын нæ фыдæл Рехавы
фырт Йонадав афтæ бафæдзæхста: „Нæдæр
уæхæдæг, нæдæр уæ байзæддæгтæ мыггаг-
мæ дæр сæн ма бануазæнт. 7Хæдзæрттæ ма
аразут, хор ма байтаут æмæ сæндæттæ ма
скæнут, макуы уæм мацы уæд уыдæттæй.
Цæрæнбонты цæрут цатырты æмæ уæд,
æцæгæлæттæ цы зæххыл стут, уым бирæ
фæцæрдзыстут“. 8Махæн нæ фыдæл Йонадав,
Рехавы фырт, цыдæриддæр бафæдзæхста,
уыдон иуууылдæр æххæст кæнæм: никуы
нуæзтам сæн — нæдæр нæ устытæ, нæдæр
нæ фырттæ æмæ нæ чызджытæ, нæдæр нæ-
хæдæг, 9стæй цæрынæн хæдзæрттæ никуы
арæзтам; сæндæттæ, быдыртæ æмæ хоры
хуымтæ нæм нæй. 10Мах цæрæм цатырты
æмæ нын нæ фыдæл Йонадав цыдæриддæр
бафæдзæхста, уыдон иуууылдæр æххæст
кæнæм. 11Вавилоны паддзах Навуходоносор
ацы бæстæйы ныхмæ куы схæцыд, уæд мах
сфæнд кодтам халдейæгты æмæ арамейæгты
æфсæдтæй Йерусалиммæ фæлидзын æмæ
ныр цæрæм Йерусалимы».
12Дунедарæг Йеремиайæн загъта: 13«Уæ-
ларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуыцау,
афтæ зæгъы: цæугæ, Иудей æмæ Йерусалимы
цæрджытæн афтæ зæгъ: ау, ацы хъуыддагæй
уæхицæн ницы хатдзæгтæ скодтат æмæ Мын
Мæ ныхæстæм хъусын нæ сахуыр уыдзыс-
тут? — зæгъы Дунедарæг. — 14Рехавы фырт
Йонадавы байзæддæгтæ æххæст кæнынц
сæ фыдæлы фæдзæхстытæ: абон онг йæ
фæдзæхстмæ гæсгæ сæн нæ нуазынц. Сымах
та Мæм, кæд æмæ уын æрвылбон дзырдтон,
уæддæр нæ хъуыстат. 15Æппынæдзух уæм
Мæ лæггадгæнджыты, пехуымпарты, ахæм
ныхæстимæ æрвыстон: „Алчидæр уæ йæ
галиу фæндаг ныууадзæд, сраст кæнут уæ
хъуыддæгтæ, ма кувут æндæр хуыцæуттæм,
ма сын лæггад кæнут æмæ уæд, уæ фыдæл-
тæн кæй радтон, уыцы зæххыл цæрдзыстут“.
Фæлæ Мæм нæ байхъуыстат, Мæ ныхæстæ
Мын ницæмæ æрдардтат. 16Рехавы фырт
Йонадавы байзæддæгтæ сæ фыдæлы фæ-
дзæхст æххæст кæнынц, ацы адæм та Мæм
нæ хъусынц!»
17Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг, Израилы Хуыцау: «Æз Иудей æмæ
Йерусалимы цæрджытæн, рагацау сын цы
бæллæхты тыххæй загътон, уыдон бавзарын
кæндзынæн, — Æз сын дзырдтон, фæлæ нæ
хъуыстой, сидтæн сæм, фæлæ дзуапп нæ
лæвæрдтой».
18Рехавонтæн та Йеремиа загъта: «Уæлар-
вæфсады Бардарæг, Израилы Хуыцау, афтæ
зæгъы: 19„Уæ фыдæл Йонадавы ныхасмæ кæй
байхъуыстат æмæ йын йæ фæдзæхстытæ
кæй æххæст кæнут, уый тыххæй, — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуы-
цау, — Рехавы фырт Ионадавы байзæддæгтæ
фæлтæрæй-фæлтæрмæ лæггад кæндзысты
Мæ разы“».

**36** Иудейаг паддзах Иоаким, Иосиайы фырт,
цыппæрæм аз хицауиуæг куы кодта, уæд
Дунедарæг Йеремиайæн загъта: 2«Фыццаг
хатт дæм куы дзырдтон, Иосиайы заманæй
дын абоны онг Иудей, Израил æмæ æппæт
адæмты тыххæй цыдæриддæр загътон, уы-
дон иуууылдæр тухгæ чиныджы ныффыс.
3Чи зоны, æмæ Иудæйы байзæддæгтæ, цы
бæллæхтæ сыл æруадзинаг дæн, уый бам-
барой, æмæ дзы алчидæр йæ галиу фæндаг
ныууадза. Æмæ сын уæд Æз сæ фыдракæнд-
тæ æмæ сæ тæригъæдтæ ныббардзынæн».
4Йеремиа фæсидти Нериайы фырт Барухмæ,
æмæ йын, Дунедарæг цыдæриддæр дзырдта,
уыдон иуууылдæр тухгæ чиныджы ныффыс-
сын кодта. 5Йеремиа Барухæн загъта: «Æз ахст
дæн, æмæ мæ бон Дунедарæджы хæдзармæ
ацæуын нæу. 6Ды ацу уырдæм, æмæ дын цы
чиныг ныффыссын кодтон, уымæ гæсгæ Ду-
недарæджы ныхæстæ хъæрæй бакæс æппæт

адæмы раз. Комдарæн бон сæ сахартæй цы
иудейæгтæ ’рбацæудзысты, уыдонæн сæ се
’ппæтæн дæр бакæс. 7Чи зоны, Дунедарæгмæ
сæрныллæгæй скувой æмæ дзы алчидæр йæ
галиу фæндаг ныууадза, уымæн æмæ сæм
Дунедарæг æртхъирæн кæны йæ судзгæ маст
æмæ йæ фыдæхы хай сæ бакæнынæй».
8Нериайы фырт Барух Йеремиайы фæ-
дзæхст сæххæст кодта: чиныджы ныхæстæ
Дунедарæджы хæдзары бакасти.
9Иудейы паддзах Иоаким, Иосиайы фырт,
фæндзæм аз хицауиуæг куы кодта, уæд уы-
цы азы фарæстæм мæйы иудейаг сахартæ
æмæ Йерусалимы цæрджытæ иууылдæр
Дунедарæджы раз ком дардтой.
10Барух Йеремиайы ныхæстæ Дунедарæ-
джы хæдзары, нымæрдар Гемариайы, Ша-
фаны фырты, агъуысты хъæлæсыдзагæй
бакасти. Йæ агъуыст уыди Дунедарæджы
хæдзары Ног кулдуары бацæуæны раз, уæл-
лаг кæрты. 11Шафаны фырты фырт, Гемари-
айы фырт Миха, фехъуыста Дунедарæджы
ныхæстæ, тухгæ чиныджы цыдæриддæр
фыст уыди, уыдæттæ. 12Уый ныццыди пад-
дзахы галуанмæ, нымæрдарты агъуыстмæ.
Уыцы рæстæг уым бадтысты уæздæттæ:
нымæрдар Елишама, Шемайайы фырт Делаи,
Ахборы фырт Елнатан, Шафаны фырт Гема-
риа, Хананиайы фырт Цедекиа æмæ иннæ
уæздæттæ се ’ппæт дæр. 13Барух адæмæн
Дунедарæджы ныхæстæ хъæрæй куы каст,
уæд Миха, цыдæриддæр фехъуыста, уыдон
иууылдæр уæздæттæн радзырдта.
14Уæздæттæ Барухмæ арвыстой Йехудийы.
Уый уыди Нетаниайы фырт, Шелемийы фыр-
ты фырт, Кушийы фыртæн йæ фырты фырт.
Бафæдзæхстой йын, цæмæй Барухæн афтæ
зæгъа: «Адæмы раз хъæрæй кæй кастæ, уыцы
чиныг райс æмæ ардæм рацу».
Нериайы фырт Барух тухгæ чиныг райста
æмæ сæм æрбацыди. 15Уыдон ын загътой:
«Сбад æмæ нын ацы чиныг бакæс».
Барух сын æй бакаст. 16Уæздæттæ æппæт
уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой, уæд кæрæ-
дзимæ бакастысты æмæ Барухæн загътой:
«Мах хъуамæ ацы ныхæстæ иууылдæр пад-
дзахæн фехъусын кæнæм».
17Ноджы ма Барухы бафарстой: «Зæгъ-ма
нын, куыд ныффыстай æппæт адæттæ? Йе-
ремиайы ныхæстæм гæсгæ?» 18Барух сын
дзуапп радта: «Йеремиа мын сæ дзырдта, æз
та сæ милдонæй тухгæ чиныджы фыстон».
19Уæздæттæ Барухæн загътой: «Ацу æмæ
Йеремиаимæ уæхи искуы бамбæхсут, кæм
уыдзыстут, уый куыд ничи зона, афтæ».
20Уæздæттæ паддзахы галуанмæ ацыдыс-
ты, тухгæ чиныг та нымæрдар Елишамайы
уаты ныууагътой. Уыцы ныхæстæ иууылдæр
паддзахæн радзырдтой.
21Паддзах Йехудийы тухгæ чиныгмæ ар-
выста, æмæ йæ уый нымæрдар Елишамайы
агъуыстæй æрбахаста. Паддзахы æмæ, йæ
разы чи лæууыд, уыцы уæздæтты раз æй
хъæрæй бакасти.
22Уыцы азы фарæстæм мæйы паддзах цар-
ди йæ зымæгон хæдзары. 23Æмæ-иу куыддæр
Йехуди чиныгæй æртæ-цыппар цæджындзы
бакаст, афтæ-иу сæ паддзах нымæрдары
кардæй фæлыг кодта æмæ-иу сæ къонайы
арты баппæрста, цалынмæ тухгæ чиныг
иууылдæр арты басыгъди, уæдмæ.
24Паддзах æмæ йæ лæггадгæнджытæ
се ’ппæт дæр уыцы ныхæстæ фехъуыстой,
фæлæ нæ фæтарстысты æмæ сæ дарæстæ
фæйнæрдæм нæ арæдывтой. 25Æрмæстдæр
Елнатан, Делаи æмæ Гемариа паддзахæн
лæгъстæ кодтой, цæмæй чиныг ма басудза,
фæлæ сæм уый нæ байхъуыста. 26Паддзах
йæ фырт Йерахмеел æмæ Азриелы фырт
Серайæн, стæй Авдиелы фырт Шелемийæн
бардзырд радта, цæмæй пехуымпар Йеремиа
æмæ нымæрдар Барухы æрцахсой, фæлæ сæ
Дунедарæг бамбæхста.
27Барух Йеремиайы ныхæстæм гæсгæ цы
чиныг ныффыста, уый паддзах куы басыгъта,
уæд Дунедарæг Йеремиайæн загъта: 28«Райс
æндæр тухгæ чиныг æмæ, паддзах Иоаким
цы чиныг басыгъта, уымæн йæ ныхæстæ но-
гæй ныффысс. 29Иудейы паддзах Иоакимæн
та зæгъ: „Афтæ зæгъы Дунедарæг: ды ацы
чиныг басыгътай æмæ загътай: ‚Дзæгъæлы
ныффыстай, Вавилоны паддзах æнæмæнг
фæзындзæн, ацы зæхх сафтид кæндзæн
æмæ адæмæй, цæрæгойæ се ’ппæты дæр
ныццæгъддзæн!‘ 30Уымæ гæсгæ Дунедарæг
иудейаг паддзах Иоакимы тыххæй афтæ зæ-
гъы: йæ байзæддæгтæй Давиды паддзахы
бадæны ничиуал сбаддзæн, æнтæф бонтæ
æмæ уазал æхсæвты дæ мард зæххыл лæ-
зæрдзæн. 31Йæхи дæр, стæй йæ байзæд-
дæгтæ æмæ йæ лæггадгæнджыты дæр Æз
сæ фыдракæндты тыххæй бафхæрдзынæн.
Æз уыдонæн, стæй Иудей æмæ Йерусалимы
цæрджытæн, цы бæллæхтæй сæм æртхъи-
рæн кодтон, уыдон бавзарын кæндзынæн,
уымæн æмæ Мæм нæ хъуыстой“».
32Йеремиа æндæр тухгæ чиныг райста
æмæ йæ Нериайы фырт Барухмæ радта. Æмæ
та Барух Йеремиайы ныхæстæм гæсгæ, иуде-
йаг паддзах Иоаким кæй басыгъта, уыцы

чиныджы цыдæриддæр фыст уыди, уыдон
ногæй ныффыста æмæ ма йæм бафтыдта
бирæ ахæм ныхæстæ.

**37** Иоакимы фырт Йехониайы фæстæ пад-
дзах сси Иосиайы фырт Цедекиа. Вавилоны
паддзах Навуходоносор æй Иудейы паддза-
хæй сæвæрдта.
2Цедекиа, йæ лæггадгæнджытæ æмæ бæс-
тæйы цæрджытæ, Дунедарæг пехуымпар
Йеремиайы дзыхæй цы ныхæстæ дзырдта,
уыдонмæ нæ хъуыстой.
3Паддзах Цедекиа Йеремиамæ Шелемийы
фырт Йегухал æмæ сауджын Софониайы,
Маасеайы фырты, арвыста, мах тыххæй ма
Дунедарæгмæ, нæ Хуыцаумæ, скув, зæгъгæ.
4Уыцы заман Йеремиа сæрибарæй царди йæ
адæмы ’хсæн, уымæн æмæ ахст нæ уыди.
5Фараоны æфсад рацыди Мысырæй, æмæ,
Йерусалимыл цы халдейæгтæ æрхъула код-
той, уыдон уый куы фехъуыстой, уæд саха-
рæй аздæхтысты.
6-7Дунедарæг Йеремиайæн загъта: «Афтæ
зæгъы Дунедарæг, Израилы Хуыцау: Мæн-
мæ уæ бафæрсынмæ чи æрбарвыста, уыцы
иудейаг паддзахæн зæгъут: „Фараоны æфсад
уæм æххуысмæ рацыди, фæлæ фæстæмæ
аздæхдзæн йæ зæхмæ, Мысырмæ, 8халде-
йæгтæ та фæстæмæ раздæхдзысты æмæ ацы
сахары ныхмæ схæцдзысты, бацахсдзысты
йæ æмæ йæ басудздзысты“».
9Дунедарæг афтæ зæгъы: «Уæхи ма сайут
æмæ афтæ æнхъæл ма ут, цыма халдейæгтæ
ардыгæй ацæудзысты. Нæ уыдзæн уый! 10Уæ
ныхмæ цы халдейæгты æфсад хæцы, ууыл
куы фæуæлахиз уыдаиккат æмæ ма сæм
æрмæст, чи фæцæф ис, ахæм хæстонтæ куы
баззадаид, уæд уыдон дæр рацыдаиккой сæ
цатыртæй æмæ ацы сахар басыгъттаиккой».
11Фараоны æфсад кæй æрбаввахс ис, уый
тыххæй халдейæгты хæстонтæ Йерусалимæй
куы адард сты, 12уæд Йеремиа рацыди Йеру-
салимæй, цæмæй Бениамины зæхмæ ацæуа,
адæмы ’хсæн фæуа æмæ афтæмæй сахарæй
ралидза. 13Бениамины кулдуары уылты куы
фæцæйцыд, уæд æм хъахъхъæнджыты хицау,
Ханаииайы фырты фырт, Шелемийы фырт
Ирийа фæлæбурдта æмæ йын загъта: «Дæу
фæнды халдейæгтæм балидзын!» 14Йеремиа
йын дзуапп радта: «Уыцы ныхас мæнг у! Æз
халдейæгтæм лидзинаг нæ дæн».
Ирийа йын йæ ныхæстæ ницæмæ æрдард-
та, æрцахста йæ æмæ йæ уæздæтты размæ
æрбакодта. 15Уæздæттæ Йеремиамæ смæс-
ты сты, фæнадтой йæ æмæ йæ нымæрдар
Йонатаны хæдзары бамидæг кодтой, уымæн
æмæ уыцы хæдзарæй ахæстон скодтой. 16Йе-
ремиайы ныккæнды ныппæрстой, æмæ уым
дзæвгар рæстæг фæбадти. 17Уый фæстæ йæм
паддзах Цедекиа арвыста, æмæ йæ галуанмæ
æрбакодтой. Паддзах æй сусæгæй бафарста:
«Дунедарæг дын ницы загъта, мыййаг?» Йе-
ремиа йын дзуапп радта: «Загъта: вавилой-
наг паддзахы къухмæ бахаудзынæ».
18Йеремиа паддзах Цедекиайæн ноджы
загъта: «Цæмæй фæаххосджын дæн дæ разы,
стæй дæ лæггадгæнджытæ æмæ дæ адæ-
мы раз? Ныккæнды мæ цæй тыххæй нып-
пæрстат? 19Вавилойнаг паддзах сымахмæ,
ацы зæхмæ, не ’рбабырсдзæн, зæгъгæ, цы
пехуымпартæ дзырдтой, уыдон цы фесты?
20О мæ хицау æмæ мæ паддзах, байхъус
мæм, мæ курдиатыл мын дæхи ма атигъ
кæн! Мауал мæ арвит нымæрдар Йонатаны
хæдзармæ, науæд уым амæлдзынæн».
21Паддзах Цедекиайы бардзырдмæ гæс-
гæ Йеремиайы хъахъхъæнджыты кæртмæ
акодтой æмæ йын алы бон дæр кæрдзынгæн-
джыты сыхæй иу кæрдзын хастой, цалынмæ
сахары дзул нæ фæци, уæдмæ. Афтæмæй
Йеремиа хъахъхъæнджыты кæрты баззади.

**38** Маттаны фырт Шефати, Пашхуры
фырт Гедалиа, Шелемийы фырт Йегухал
æмæ Малкиайы фырт Пашхур фехъуыстой,
Йеремиа адæмæн афтæ кæй дзырдта, уый:
2«Дунедарæг афтæ зæгъы: „Ацы сахары чи-
дæриддæр баззайа, уыдон кард, стонг æмæ
рынæй амæлдзысты. Халдейæгты къухтæм
йæхи чи радта, уыдон та удæгасæй баззай-
дзысты æмæ хорзæхæн цард айсдзысты.
3Дунедарæг зæгъы: ацы сахар вавилойнаг
паддзахы къухмæ лæвæрд æрцæудзæн, ба-
цахсдзæн æй“».
4Уæд уæздæттæ паддзахæн загътой: «Ацы
лæджы амарын хъæуы. Ахæм ныхæстæй,
сахары ма цы хæстонтæ баззад, уыдонæн
æмæ иннæ адæмæн сæ хъару лæмæгъ кæны.
Йæ зæрдæ адæмæн хорзæй ницы зæгъы, се
сæфтмæ бæллы».
5Паддзах Цедекиа сын дзуапп радта: «Уæ
бар ыл цæуы. Сымах цы нæ фæнды, ахæмæй
паддзахæн йæ бон саразын ницы у».
6Йеремиайы æрцахстой. Паддзахы фырт
Малкиайæн хъахъхъæнджыты кæрты цы
цъай уыди, уым æй ныппæрстой.
Йеремиайы цъайы ауагътой бæндæн-
тыл. Уыцы рæстæг цъайы дон нæ уыди,
æрмæстдæр цъыф, æмæ Йеремиа цъыфы
аныгъуылди.

7Паддзахы галуаны барджынтæй иу уыди
эфиопаг, йæ ном — Еведмелех. Уый, Йе-
ремиайы цъайы кæй ныппæрстой, уыцы
хабар фехъуыста. Уыцы рæстæг паддзах
бадти Бениамины кулдуары раз. 8Еведмелех
галуанæй рацыд æмæ паддзахæн загъта:
9«Мæ хицау æмæ мæ паддзах! Ацы адæм
пехуымпар Йеремиайæн цы бакодтой, уый
стыр фыдракæнд у! Цъайы йæ ныппæрстой,
æмæ уым сыдæй амæлдзæн, уымæн æмæ
сахары дзул нал ис».
10Паддзах эфиопаг Еведмелехæн бардзырд
радта: «Демæ дæс æмæ ссæдз лæджы акæн,
æмæ пехуымпар Йеремиайы цъайæ сисут,
цалынмæ нæ амарди, уæдмæ. 11Еведмелех
йемæ адæмы акодта æмæ бацыди паддзахы
галуанмæ, дзаумæтты къæбицмæ. Уырды-
гæй зæронд хæцъилтæ æмæ бызгъуыртæ
райста æмæ сæ бæндæнтыл Йеремиамæ
цъаймæ æруагъта».
12Эфиопаг Еведмелех загъта Йеремиайæн:
«Ацы бызгъуыртæ æмæ хæцъилтæ бæндæнты
бын дæ дæлæрмтты бавæр».
Йеремиа афтæ бакодта. 13Бæндæнтыл
уæлæмæ схæцыдысты, æмæ Йеремиайы
цъайæ систой. Уый фæстæ Йеремиа хъахъ-
хъæнджыты кæрты баззад.
14Паддзах Цедекиа Йеремиамæ арвыста,
æмæ йæ Дунедарæджы хæдзарæн йе ’ртык-
каг бацæуæны размæ æрбакодтой. Паддзах
Йеремиайæн загъта: «Иу цæмæйдæр дæ ба-
фæрсинаг дæн. Мацы мæ басусæг кæн».
15Йеремиа Цедекиайæн дзуапп радта:
«Æмæ дын æз дзуапп куы раттон, уæд мæ,
ау, нæ амарын кæндзынæ? Уæддæр мын мæ
уынаффæмæ нæ байхъусдзынæ».
16Паддзах Цедекиа сусæгæй расомы кодта
Йеремиайæн: «Сомы кæнын Дунедарæгæй,
цард нын Чи радта, Уымæй! Нæ дæ амарын
кæндзынæн æмæ, дæ мæлæтмæ чи бæллы,
уыдоны къухтæм дæр дæ нæ ратдзынæн».
17Уæд Йеремиа паддзах Цедекиайæн загъ-
та: «Уæларвæфсады Дунедарæг, Израилы
Хуыцау, афтæ зæгъы: „Вавилойнаг паддза-
хы æфсады хицæуттæм дæхи куы раттай,
уæд фервæздзынæ, ацы сахар та сыгъд не
’рцæудзæн. Де ’ппæт хæдзаронтимæ удæ-
гасæй баззайдзынæ. 18Фæлæ вавилойнаг
паддзахы æфсады хицæуттæн сæ размæ
куынæ рацæуай, уæд ацы сахар халдейæг-
ты къухтæм лæвæрд æрцæудзæн, æмæ йæ
басудздзысты, дæхæдæг дæр сæ къухтæй
нæ аирвæздзынæ“».
19Паддзах Цедекиа Йеремиайæн дзуапп
радта: «Æз тæрсын, халдейæгты ’рдæм чи
балыгъди, уыцы иудейæгтæй. Халдейæгтæ
мæ сæ къухтæм куы радтой, уæд мæ хын-
джылæггаг скæндзысты». 20Йеремиа йын
загъта: «Нæ дæ ратдзысты уыдоны къухтæм,
байхъус Дунедарæджы ныхасмæ. Цы дын
зæгъын, уый бакæн æмæ æнæмаст уыдзынæ,
удæгасæй баззайдзынæ. 21Сахарæй рацæуы-
ныл куы не сразы уай, уæд та, Дунедарæг
мын цы раргом кодта, уымæ байхъус: 22иуде-
йаг паддзахы галуаны ма цы сылгоймæгтæ
баззад, уыдоны вавилойнаг паддзахы æф-
сады хицæуттæм акæндзысты, æмæ уыцы
сылгоймæгтæ дзурдзысты: „Де ’рдхæрдтæ
дыл сайдæй рацыдысты æмæ дыл фæуæла-
хиз сты. Ныр цъымарайы куы ныссагъдтæ,
уæд та лидзæг фесты“.
23Дæ устытæ æмæ дын дæ фыртты халде-
йæгтæм акæндзысты, æмæ дæхæдæг дæр
сæ къухтæй нæ аирвæздзынæ. Вавилоны
паддзах дæ æрцахсдзæн, ацы сахар та сыгъд
æрцæудзæни».
24Цедекиа Йеремиайæн загъта: «Ацы ны-
хæстæ мачи базонæд, науæд удæгасæй нæ
баззайдзынæ. 25Уæздæттæ, демæ кæй дзырд-
тон, уый куы фехъусой, уæд дæм æрбацæу-
дзысты æмæ зæгъдзысты: „Паддзахæн цы
загътай, уый нын радзур, мацы нæ басусæг
кæн, науæд дæ амардзыстæм“. 26Уæд-иу
сын ахæм дзуапп ратт: „Æз лæгъстæ кодтон
паддзахæн, цæмæй мæ Йонатаны хæдзармæ
мауал арвита æмæ уым ма амæлон“».
27Уæздæттæ иууылдæр Йеремиамæ æр-
бацыдысты. Рафæрс-бафæрс æй фæкодтой,
æмæ сын уый, паддзах ын цы бафæдзæхста,
уый загъта. Уæд æй уыдон ницæмæйуал ба-
фарстой, уымæн æмæ, сæ ныхасы сæр цæуыл
уыди, уымæн ничи ницы зыдта.
28Йеремиа хъахъхъæнджыты кæрты баз-
зад, цалынмæ знæгтæ Йерусалим нæ ба-
цахстой, уæдмæ.

**39** Паддзах Цедекиайæн йæ хицаудзина-
дыл цыди фарæстæм аз. Уыцы азы дæсæм
мæйы Вавилоны паддзах Навуходоносор
йе ’фсадимæ Йерусалиммæ æрбацыд æмæ
сахары алыварс æртыхсти.
2Паддзах Цедекиайы хицаудзинадыл
иуæндæсæм аз куы цыди, уæд цыппæрæм
мæйы фарæстæм бон халдейæгтæ сахары
сис басастой. 3Вавилойнаг паддзахы уæз-
дæттæ бацыдысты сахармæ æмæ Астæуккаг
кулдуары цур æрбадтысты. Уыдоны ’хсæн
уыдысты: Нергал-Шарецер, Самгар-Нево,
Сар-Сехим — паддзахы лæггадгæнджыты
хистæр, æфсæддон хицау Нергал-Шарецер

æмæ Вавилоны паддзахы иннæ уæздæттæ
се 'ппæт дæр.
4Иудейы паддзах Цедекиа æмæ сæ йе
'фсæддонтæ куы федтой, уæд лидзæг фесты.
Æхсæвы, паддзахы дыргъдоны дыууæ сисы
'хсæн цы кулдуар уыди, ууылты рацыдысты
æмæ Аравæйы 'рдæм араст сты. 5Халдейæгтæ
сæ фæсте асырдтой æмæ паддзах Цедекиайы
Йерихонмæ хæстæг тъæпæны байййæфтой.
Æрцахстой йæ æмæ йæ æрбакодтой Вави-
лоны паддзах Навуходоносормæ, Ривлайы
сахармæ, Хаматы зæхмæ. Æмæ йын паддзах
уыцы ран тæрхон рахаста.
6Ривлайы сахары вавилойнаг паддзах Це-
декиайæн йæ фыртты амарын кодта йæхи
раз, иудейаг уæздæтты се 'ппæты дæр ныц-
цагъта. 7Уый фæстæ Навуходоносоры бар-
дзырдмæ гæсгæ Цедекиайæн йæ цæстытæ
скъахтой æмæ йыл паддзах хъадамантæ ба-
кæнын кодта, цæмæй йæ Вавилонмæ акæна.
8Халдейæгтæ басыгътой паддзахы галуан
æмæ адæмы хæдзæрттæ, Йерусалимы систæ
та ныппырх кодтой. 9Сахары цæрджытæй ма
удæгасæй чи баззад, стæй халдейæгты 'рдæм
чи балыгъд, уыцы адæмы хъахъхъæнджы-
ты хицау Невузардан Вавилонмæ акодта.
10Æрмæстдæр мæгуырты, сæ бон æппындæр
кæмæн ницы уыди, уыдоны Иудейы бæс-
тæйы ныууагъта, сæндæттæ æмæ зæххы
хæйттæ сын радта.
11Вавилоны паддзах Навуходоносор хъахъ-
хъæнджыты хицау Невузарданæн Йереми-
айы тыххæй бафæдзæхста: 12«Ракæн æй
æмæ йæм дæ хъус фæдар. Мацы знаггад ын
ракæн, æрмæстдæр дын йæхæдæг цы зæгъа,
уый-иу ын бакæн».
13Хъахъхъæнджыты хицау Невузардан,
лæггадгæнджыты хистæр Неву-шаз-бан
æмæ æфсады хицау Нергал-Шарецер, стæй
вавилойнаг паддзахы иннæ уæздæттæ 14Йе-
ремиамæ арвыстой æмæ йæ хъахъхъæн-
джыты кæртæй рацæуын кодтой. Ахикамы
фырт, Шафаны фырты фырт Гедалиайæн, йæ
хæдзармæ йæ акæн, зæгъгæ, бафæдзæхстой.
Афтæмæй Йеремиа йæ адæмы 'хсæн цæр-
гæйæ баззади.

15Йеремиа ма хъахъхъæнджыты кæрты
ахæстоны куы бадти, уæд ын Дунедарæг
загъта:
16«Ацу æмæ эфиопаг Еведмелехæн зæгъ:
„Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуы-
цау, афтæ зæгъы: ацы сахарæн Æз рага-
цау цы снысан кодтон, уый ныр сæххæст
кæндзынæн — йæ фарнæн нæ, фæлæ йæ
фыдбылызæн. Рæстæг куы 'рцæуа, уæд, Мæ
ныхæстæ куыд сæххæст уыдзысты, уый
дæхи цæстæй фендзынæ. 17Фæлæ дæу Æз
уыцы бон фервæзын кæндзынæн, — зæгъы
Дунедарæг. — Кæмæй тæрсыс, уыцы адæмы
къухтæм лæвæрд не 'рцæудзынæ. 18Æз дæ
фервæзын кæндзынæн, карды цæфæй нæ
амæлдзынæ æмæ хорзæхæн цард айсдзынæ,
уымæн æмæ дæ зæрдæ дардтай Мæныл“», —
зæгъы Дунедарæг.

**40** Хъахъхъæнджыты хицау Невузардан
Йеремиайы Рамайы куы суæгъд кодта, уый
фæстæ дæр-иу Дунедарæг дарддæр ныхас
кодта йемæ.
Невузардан Йеремиайы ссардта рæхыстæй
бастæй, Иудей æмæ Йерусалимы уацайрæг-
ты, Вавилонмæ уацары кæй фæцæйкодтой,
уыдоны 'хсæн. 2Хъахъхъæнджыты хицау
Йеремиайы куы ссардта, уæд ын загъта:
«Дунедарæг, дæ Хуыцау, ацы зæххæн ра-
гацау фыдбылыз снысан кодта. 3Æмæ ныр
Дунедарæг, рагацау цы загъта, уый сæххæст
кодта, уымæн æмæ Дунедарæджы раз фæ-
тæригъæдджын стут. Йæ ныхасмæ Йын нæ
хъуыстат æмæ æппæт адæттæ уый тыххæй
бавзæрстат. 4Фæлæ дæ абон æз, дæ къух-
тыл цы рæхыстæ ис, уыдонæй суæгъд кæн-
дзынæн. Кæд дæ мемæ Вавилонмæ ацæуын
фæнды, уæд цом, мæ бæрны уыдзынæ. Кæд
нæ, уæд та лæуу; æппæт бæстæ — дæ разы,
кæдæм дæ фæнды, уырдæм цу».
5Йеремиа иуварс нæма ацыд, афтæ ма
Невузардан йæ ныхасмæ бафтыдта: «Ахи-
камы фырт Гедалиамæ, Шафаны фырты
фыртмæ, ацу. Вавилоны паддзах æй Иуде-
йы сахартæн хицауæй сæвæрдта. Йæ разы,
йæ адæмы 'хсæн цæр, науæд та, кæдæм дæ
фæнды, уырдæм цу».
Уый фæстæ йын хъахъхъæнджыты хицау
фæсауæрцæн хæринаг радта æмæ йæ ауагъта.
6Йеремиа ацыди Мицпамæ, Ахикамы
фырт Гедалиамæ, æмæ ма адæмæй сæ бæс-
тæйы кæй ныууагътой, уыдоны 'хсæн царди
йæ разы.
7Сæ адæмимæ æдзæрæг быдыры чи æм-
бæхсти, уыцы æфсады хицæуттæ фехъу-
ыстой, Вавилоны паддзах Ахикамы фырт
Гедалиайы Иудейы хицауæй кæй сæвæрдта
æмæ йын, бæстæйы æппæты мæгуырдæр чи
уыд, Вавилонмæ уацары кæй нæ акодтой,
уыдоны усæй, лæгæй, сывæллонæй йæ бар
кæй бакодта, уый. 8Æмæ æрбацыдысты Геда-
лиамæ, Мицпамæ. Уыдоны 'хсæн уыдысты:
Нетаниайы фырт Измаел, Йоханан, Йонатан,

Кареахы фырттæ, Танхуметы фырт Серай,
нетофаг Ефаийы фырттæ æмæ маахайаг
Йезани сæ адæмимæ. 9Цæмæй сын сæхи
дæр æмæ сæ адæмы дæр басабыр кæна, уый
тыххæй Ахикамы фырт Гедалиа, Шафаны
фырты фырт, расомы кодта: «Халдейæгты
барджын хицæуттæй ма тæрсут, æрцæрут
ацы бæстæйы. Вавилоны паддзахæн лæггад
кæнут, æмæ уын хорз уыдзæни. 10Æз халде-
йæгты раз дзуапп дæттынæн баззайдзынæн
Мицпайы, уымæн æмæ нæм уыдон ардæм
цæудзысты. Сымах та æрæфтауц кæнут сæн,
сæрдыгон дыргътæ æмæ оливæйы сой, уæ
мигæнæнты сæ æрæфснайут æмæ, цы са-
хартæ бацахстат, уыдоны цæрут».

11Моавы, Аммоны, Едомы æмæ иннæ бæс-
тæты цы иудейæгтæ цардысты, уыдон дæр
фехъуыстой, Вавилоны паддзах адæмы иу
хай Иудейы бæстæйы кæй ныуугъта æмæ
сын Шафаны фырты фырт, Ахикамы фырт
Гедалиайы, хицауæй кæй сæвæрдта, уый.
12Æмæ уæд, кæдæм сæ фæсырдæуыд, уыцы
бынæттæй фæстæмæ раздæхтысты Иудеймæ,
Гедалиамæ, Мицпамæ, æмæ сæм парахатæй
фæзындысты сæн æмæ сæрдыгон дыргътæ.

13Кареахы фырт Йоханан æмæ, æдзæрæг
быдыры чи æмбæхсти, уыцы æфсады хи-
цæуттæ се ’ппæт дæр Гедалиамæ Мицпайы
сахармæ æрбацыдысты 14æмæ йын загътой:
«Ау, нæ йæ зоныс, аммонæгты паддзах Баа-
лис Нетаниайы фырт Измаелы дæу амарын-
мæ рарвыста, уый?»

Фæлæ сыл Ахикамы фырт Гедалиа нæ бау-
уæндыд. 15Уæд Кареахы фырт Йоханан Миц-
пайы Гедалиайæн сусæгæй загъта: «Бар ратт,
цæмæй æз ацæуон æмæ Нетаниайы фырт
Измаелы амарон. Ничи йæ базондзæн. Цæ-
мæн хъæуы уый æруадзын, цæмæй дæ амара
æмæ, дæ алыварс цы иудейæгтæ æрæмбырд
сты, уыдон фæстæмæ ныххæлиу уой, стæй,
чи ма дзы аирвæзт, уыдон дæр фесæфой?»

16Ахикамы фырт Гедалиа Кареахы фырт
Йохананæн дзуапп радта: «Ма бакæн уый!
Мæнг зæгъыс Измаелы тыххæй».

**41** Уыцы азы æвдæм мæйы Елишамайы
фырты фырт, Нетаниайы фырт Измаел, дæс
лæгимæ Ахикамы фырт Гедалиамæ Мицпа-
йы сахармæ æрбацыди. Уый уыди паддзахы
мыггагæй, йæ уæздæттæй иу. Фынджы уæл-
хъус иумæ куы бадтысты, 2уæд Нетаниайы
фырт Измаел æмæ, йемæ цы дæс лæджы
уыди, уыдон æвиппайды фестадысты æмæ
Ахикамы фырт Гедалиайы, Шафаны фырты
фырты, кардæй барæхуыстой — Вавилоны
паддзах бæстæйы хицауæй кæй сæвæрдта,
уый амардтой. 3Гедалиаимæ Мицпайы са-
хары цы иудейæгтæ æмæ халдейаг æфсæд-
донтæ уыди, уыдоны Измаел се ’ппæты дæр
ныццагъта.

4Дыккаг бон, Гедалиайы кæй амардтой,
уый куы ничима базыдта, уæд 5Шехем, Си-
лом æмæ Самарийæ Мицпамæ æрбацыдысты
цыппарыссæдз лæджы. Сæ боцъотæ уыдыс-
ты даст, сæ дарæстæ — фæйнæрдæм рæдывд,
сæ буæрттæ — лыгтæ. Уыдон Дунедарæджы
хæдзармæ хойраджы хуынтæ æмæ хæрз-
дæфгæнæнтæ фæцæйхастой. 6Нетаниайы
фырт Измаел сæ размæ кæугæйæ рацыди
Мицпайæ æмæ сæм куы ’рбахæстæг ис, уæд
загъта: «Ахикамы фырт Гедалиамæ ацæут».

7Куыддæр сахармæ бацыдысты, афтæ сæ
Нетаниайы фырт Измаел æмæ, йемæ цы
адæм уыди, уыдон ныццагътой æмæ сын сæ
мæрдтæ цъайы ныппæрстой. 8Фæлæ дзы дæс
лæджы Измаелæн балæгъстæ кодтой: «Ма
нæ амар! Махæн быдыры ис æмбæхсæнтæ,
уым ис мæнæу, хъæбæрхор, оливæйы сой
æмæ мыд».

Æмæ сæ уæд Измаел иннæтау нал амардта.

9Годолийы тыххæй кæй амарын кодта,
уыцы адæмы мæрдтæ Нетаниайы фырт Из-
маел цъайы ныппæрста. Уыцы цъай кæддæр,
израилаг паддзах Баасайы ныхмæ хæцгæйæ,
сарæзта паддзах Аса. Нетаниайы фырт Изма-
ел цъай мæрдтæй байдзаг кодта. 10Мицпайы
ма адæмæй чи баззад — паддзахы чызджытæ
æмæ иннæ адæм, — хъахъхъæнджыты хицау
Невузардан Ахикамы фырт Гедалиайы хи-
цауæй кæмæн сæвæрдта, уыдоны се ’ппæты
дæр Нетаниайы фырт Измаел уацары акодта
æмæ аммонæгты ’рдæм фæраст ис.

11Кареахы фырт Йоханан æмæ йе ’фсады
хицæуттæ, Нетаниайы фырт Измаел цы
фыдракæндтæ сарæзта, уый куы фехъуыс-
той, 12уæд адæмы æрæмбырд кодтой æмæ
Нетаниайы фырт Измаелы ныхмæ хæцынмæ
рацыдысты. Баййæфтой йæ Гивоны, стыр
донуаты цур. 13Измаел кæй æрцахста, уыцы
адæм, Кареахы фырт Йоханан æмæ йе ’фсады
хицæутты куы федтой, уæд ныццин кодтой.

14Измаел Мицпайæ уацары кæй акодта,
уыцы адæм иууылдæр фæстæмæ здæхын-
мæ фесты æмæ Кареахы фырт Йохананимæ
баиу сты. 15Фæлæ Нетаниайы фырт Измаел
аст лæгимæ Йохананæй аирвæзт æмæ ам-
монæгты зæхмæ алыгъди.

16Ахикамы фырт Гедалиайы амарыны
фæстæ Нетаниайы фырт Измаел Мицпайæ
уацары кæй акодта, уыцы адæмы се ’ппæты

дæр Куреахы фырт Йоханан æмæ йе 'фсады
хицæуттæ Гивонæй ракодтой: æфсæддонты,
сылгоймæгты, сывæллæтты, евнухты. 17Араст
сты сæ фæндагыл æмæ Вифлееммæ хæстæг,
Герут-Кимхамы сахары, иу цасдæр бафæстиат
сты, цæмæй Мысырмæ алидзой, уый тыххæй.
18Халдейæгтæй тарстысты, уымæн æмæ Не-
таниайы фырт Измаел кæй амардта, уыцы
Гедалиайы, Ахикамы фырты, бæстæйы сæр-
гъы Вавилоны паддзах йæхæдæг сæвæрдта.

**42** Æфсады хицæуттæ иууылдæр, Кареахы
фырт Йоханан, Хошаийы фырт Азариа æмæ
иннæ адæм се 'ппæт дæр, стырæй, чысылæй,
æрбацыдысты 2пехуымпар Йеремиамæ æмæ
йын загътой: «Курæм дæ, сæххæст нын кæн
нæ курдиат! Адæмæй ма чи аирвæзт, уыдоны
тыххæй Дунедарæгмæ, дæ Хуыцаумæ, скув.
Дæхæдæг æй уыныс: чысыл йеддæмæ нал
стæм, раздæр та бирæ уыдыстæм. 3Уадз æмæ
нын Дунедарæг бацамона, цавæр фæндаг
равзарæм æмæ нын цы гæнгæ у, уый».

4Пехуымпар Йеремиа сын дзуапп радта:
«Хорз, æз скувдзынæн Дунедарæгмæ, уæ
Хуыцаумæ, сæххæст уын кæндзынæн уæ
курдиат. Дунедарæг уын цыдæриддæр зæ-
гъа, уыдæттæ уын фехъусын кæндзынæн,
иу дзырд дæр дзы нæ басусæг кæндзынæн».

5Уыдон Йеремиайæн загътой: «Дунедарæг
не 'хсæн иузæрдион æмæ æцæг æвдисæнæй
ныллæууæд: Дунедарæг, дæ Хуыцау, махæн
дæ дзыхæй цы зæгъа, уый бакæндзыстæм.
6Уыцы ныхас хорз уа æви æвзæр — байхъус-
дзыстæм Дунедарæгмæ, нæ Хуыцаумæ, Кæ-
мæ дæ æрвитæм, Уымæ. Уымæн æмæ Дуне-
дарæгмæ, нæ Хуыцаумæ, куы хъусæм, уæд
фарнæй схайджын уыдзыстæм».

7Дæс боны фæстæ Дунедарæг Йеремиа-
йæн Йæ ныхас фехъусын кодта. 8Йеремиа
фæсидти Кареахы фырт Йохананмæ, йе 'фса-
ды хицæуттæй алкæмæ дæр, стæй æппæт
адæммæ, стырæй, чысылæй. 9Загъта сын:
«Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуыцау,
сымах мæ уæ курдиатимæ Кæмæ арвыстат,
Уый афтæ зæгъы: 10„Ацы зæххыл куы баз-
зайат, уæд уæ сфидар кæндзынæн æмæ уæ
нæ ныппырх кæндзынæн; байтаудзынæн уæ
æмæ уæ не срæдувдзынæн, уымæн æмæ, цы
бæллæх уын бавзарын кодтон, ууыл фæсмон
кæнын. 11Ма тæрсут Вавилоны паддзахæй,
тасы уæ чи 'фтауы, уымæй, — зæгъы Дуне-
дарæг, — уымæн æмæ Æз уемæ дæн æмæ
уæ йæ къухæй фервæзын кæндзынæн. 12Мæ
хорзæх уыл æруадздзынæн, æмæ уын ныхха-
тыр кæндзæн, уæхи зæхмæ уæ раздахдзæн“.

13-14Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, ныхасмæ
куынæ байхъусат æмæ афтæ куы зæгъат:
нæ, мах ацы зæххыл нæ цæрдзыстæм, Мы-
сырмæ ацæудзыстæм æмæ уым хæст нæ
фендзыстæм, сыкъауадындзы хъæлæс нæ
фехъусдзыстæм æмæ стонг нæ бавзардзыс-
тæм», 15уæд байхъусут, Дунедарæг цы зæгъы,
уымæ, Иудæйы байзæддæгтæ!

Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуыцау,
афтæ зæгъы: «Мысырмæ цæуын куы сфæнд
кæнат, куы ацæуат æмæ уым куы 'рцæрат,
16уæд, цы кардæй тæрсут, уый уæ уым, Мы-
сыры зæххыл, баййафдзæн, æмæ уыцы ран
амæлдзыстут. 17Мысырмæ ацæуын æмæ уым
æрцæрын чи сфæнд кодта, уыдон кард, стонг
æмæ рынæй фесæфдзысты. Иу дæр сæ удæ-
гасæй нæ баззайдзæн æмæ, цы бæллæх сыл
æруадздзынæн, уымæй нæ фервæздзæн».

18Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Ху-
ыцау, афтæ зæгъы: «Мæ судзгæ маст Йеру-
салимы цæрджытыл куыд ныккалд, афтæ
сымахыл дæр ныккæлдзæн, Мысырмæ куы
бацæуат, уæд. Æлгъитдзысты уæ, уæ уындæй
адæмыл стыр тас æфтаудзыстут. Сæгад уы-
дзыстут, уæ худинаджы кой айхъуысдзæн,
æмæ ацы зæхх никуыуал фендзыстут».

19Иудæйы байзæддæгтæ, Дунедарæг уын
афтæ зæгъы: «Ма ацæут Мысырмæ». Зонут:
уый уын æз абон рагацау фæдзæхсын.

20-22Уæхæдæг уæхи ныхмæ тæригъæд ра-
кодтат: арвыстат мæ Дунедарæгмæ, нæ Хуы-
цаумæ, æмæ мын загътат, цæмæй Йæм сымах
тыххæй скувон, Дунедарæг цыдæриддæр
зæгъа, уыдæттæ уын фехъусын кæнон, мах
алцыдæр бакæндзыстæм, зæгъгæ. Æз уын сæ
абон фехъусын кодтон, фæлæ сымах нæ хъу-
сут Дунедарæджы, уæ Хуыцауы, ныхæстæм,
цы зæгъын уын бафæдзæхста, уыдæттæм.
Уæдæ зонут: цæмæй дзы æрцæрат, уый тых-
хæй уæ зæрды цы бæстæм ацæуын ис, уым
кард, стонг æмæ рынæй амæлдзыстут.

**43** Йеремиа адæмæн Дунедарæджы, сæ
Хуыцауы, ныхæстæ, цыдæриддæр ын ба-
фæдзæхста, уыдон иууылдæр куы фехъусын
кодта, 2уæд ын Хошаийы фырт Азариа æмæ
Кареахы фырт Йоханан, стæй ма дзы къæй-
ных лæгтæй чи уыди, уыдон се 'ппæт дæр
загътой: «Сайгæ кæныс! Нæ дæ рарвыста
Дунедарæг, нæ Хуыцау, цæмæй нын, Мысыр-
мæ ма ацæут æмæ уым ма 'рцæрут, зæгъгæ,
дзурай. 3Уый дæ Нериайы фырт Барух нæ
ныхмæ ардауы, цæмæй халдейæгты къух-
мæ бахауæм æмæ нæ кæнæ амарой, кæнæ
Вавилонмæ уацары акæной».

4Кареахы фырт Йоханан, æфсæддон хи-
цæуттæ æмæ адæм се ’ппæт дæр Дунедарæ-
джы ныхасмæ нæ байхъуыстой æмæ Иудейы
нæ баззадысты. 5Кареахы фырт Йоханан
æмæ ’фсады хицæуттæ семæ акодтой, алы
адæмты ’хсæн цы иудейæгтæ ныххæлиу
сты æмæ фæстæмæ чи æрыздæхти, уыдоны,
6нæлгоймагæй, сылгоймæгæй, сывæллонæй,
стæй паддзахы чызджыты — хъахъхъæн-
джыты хицау Невузардан Шафаны фырты
фырт, Ахикамы фырт Гедалиаимæ кæй ныу-
уагъта, уыдоны се ’ппæты дæр, пехуым-
пар Йеремиа æмæ Нериайы фырт Барухы.
7Æмæ ацыдысты Мысырмæ, Дунедарæджы
ныхасмæ нæ байхъусгæйæ. Тахпанхесмæ
æрбахæццæ сты.

8Тахпанхесы Дунедарæг Йеремиайæн
загъта: 9«Дыууæ стыр дуры райс æмæ сæ
фараоны хæдзармæ бацæуæны раз æлыджы
баныгæн Тахпанхесы, иудейæгтæ дæ куыд
уыной, афтæ. 10Зæгъ сын: „Уæларвæфсады
Бардарæг, Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы:
Æз арвитдзынæн Мæ цагъармæ, вавилойнаг
паддзах Навуходоносормæ, æмæ, цы дуртæ
бамбæхстон, уыдоныл ын йæ паддзахы ба-
дæн æрæвæрдзынæн, æмæ уый йæ паддзахы
цатыр айтындздзæни сæ сæрмæ. 11Æрбацæу-
дзæн æмæ Мысыры зæхх сафтид кæндзæн:
мæлинаг чи у, уыдон амæлдзысты; уацар кæ-
мæ кæсы, уыдон уацары ацæудзысты; кард
кæмæ кæсы, уыдон карды цæфæй фæмард
уыдзысты. 12Æз басудздзынæн мысыраг
хуыцæутты кувæндæттæ, сæ хуыцæутты
сын паддзах райсдзæн æфтиагæн. Фыййау
йæ пæлæз куыд скæны, афтæ Мысыры зæхх
йæ уæлæ æркæндзæн æмæ æнæхъыгдардæй
ацæудзæн. 13Мысыры цы Хуры кувæндон ис,
уымæн йæ цæджындзтæ ныззыгуым кæн-
дзæн, мысыраг хуыцæутты кувæндæттæ
басудздзæн“».

**44** Иудейæгтæй мысыраг сахартæ Мигдол,
Тахпанхес, Ноф æмæ Патросы чи ’рцарди,
уыдоны тыххæй Дунедарæг Йеремиайæн
загъта: 2Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы
Хуыцау, афтæ зæгъы: сымах федтат, Йе-
русалим æмæ Иудейы сахартæй алкæмæн
дæр цы бæллæхтæ бавзарын кодтон, уый.
Хæлддзæгтæ систы ныр, ничиуал дзы цæ-
ры. 3Сæ фыдракæндтæй Мæ смæсты кодтой,
нæдæр уæхæдæг, нæдæр уæ фыдæлтæ кæй
нæ зыдтой, уыцы хуыцæуттæн буд сыгътой
æмæ сын лæггад кодтой. 4Æз сæм æрвылбон
æрвыстон Мæ лæггадгæнджыты, пехуым-
парты, ахæм ныхæстимæ: «Уе ’лгъаг митæ
ныууадзут, æнæуынон Мын сты». 5Фæлæ
Мæм уыдон нæ хъуыстой, сæ фыдракæндтæ
нæ уагътой æмæ æндæр хуыцæуттæн буд-
судзæн кодтой. 6Æмæ сыл уæд Мæ судзгæ
маст ныккалди, Иудейы сахартæ æмæ Йеру-
салимы уынгты пиллон артæй ссыгъд, хæлд-
дзæгтæ æмæ æдзæрæг быдыр фестадысты.

7Æмæ ныр Уæларвæфсады Бардарæг, Из-
раилы Хуыцау, афтæ зæгъы: «Уæхиуыл ахæм
æвирхъау бæллæх цæмæн æфтаут? Иудæйы
хæдзарвæндагæй уæхи цæмæн хауын кæнут,
уæ нæлгоймæгтæ æмæ уæ сылгоймæгтæ,
уæ сывæллæттæ æмæ уæ ноггуырд сабиты
цæмæн сафут, удæгасæй уæ куыд мачи-
уал баззайа, афтæ? 8Уæ хъуыддæгтæй Мæ
цæмæн мæсты кæнут? Мысыры зæххыл,
æрцæрынмæ кæдæм æрбацыдыстут, уым
æндæр хуыцæуттæн буд цæмæн судзут?
Фесафдзыстут уæхи! Зæххыл цæрæг адæмтæ
уæ иууылдæр æлгъитдзысты, фæхудинаг
уыдзыстут се ’хсæн.

9Уæ фыдæлтæ, иудейаг паддзæхтæ æмæ сæ
устытæ, стæй уæхæдæг æмæ уæ бинойнæгтæ
Иудейы зæххыл æмæ Йерусалимы уынгты
цы фыдракæндтæ фæкодтой, уыдон уæ фе-
рох сты, мыййаг? 10Абоны онг не ’рсабыр
стут æмæ тæрсгæ нæ кæнут. Ме ’Гъдау, Мæ
уагæвæрдтæ, сымах æмæ уæ фыдæлтæн кæй
радтон, уыдон не ’ххæст кæнут».

11Уымæ гæсгæ Уæларвæфсады Бардарæг,
Израилы Хуыцау, афтæ зæгъы: «Æз сыма-
хæй уæ фыдбылызæн Ме ’ргом аздахдзы-
нæн, æппæт иудейæгты ныццæгъдддзынæн!
12Мысырмæ ацæуын æмæ уым æрцæрын
чи сфæнд кодта, уыцы иудейæгтæй ма чи
аирвæзт, уыдоны иууылдæр фесафдзынæн.
Се ’ппæт дæр Мысыры амæлдзысты, кард
æмæ стонгæй се сæфт ссардзысты, стырæй,
чысылæй. Адæмтæ сæ æлгъитдзысты, сæ
уындæй сæ стыр тасы æфтаудзысты, сæгад
уыдзысты, æмæ сæ худинаджы кой айхъуыс-
дзæн. 13Йерусалимы сахар куыд бафхæрдтон,
афтæ, Мысыры зæххыл чи ’рцарди, уыцы
иудейæгты дæр кард, стонг æмæ рынæй
бафхæрдзынæн.

14Иудейæгтæй ма чи аирвæзт, Мысырмæ
чи æрбацыд æмæ дзы чи æрцард, уыдонæй
ничи фервæздзæн, фæстæмæ дзы Иуде-
йы бæстæм цæрынмæ ничи раздæхдзæн.
Уыдон бæллынц раздæхынмæ æмæ ногæй
Иудейы зæххыл æрцæрынмæ, фæлæ иугай
лидзджытæй уæлдай ничиуал раздæхдзæн
фæстæмæ».

15Сæ устытæ æндæр хуыцæуттæн буд кæй
судзынц, уый цы нæлгоймæгтæ зыдтой,

стæй, уыцы ран цы сылгоймæгтæ лæууы-
дысты, уыдон æмæ адæм се ’ппæт дæр, мы-
сыраг Патросы цæрджытæ, Йеремиайæн
дзуапп радтой: 16«Дунедарæджы номæй
нын ды цытæ дзурыс, уыдæттæм нæ хъус-
дзыстæм. 17Мах нæ сомытæ дарддæр æххæст
кæндзыстæм, уæларвы ус-хуыцауæн буд
судздзыстæм æмæ йын сæн калдзыстæм,
нæхæдæг æмæ нæ фыдæлтæ, нæ паддзæхтæ
æмæ нæ фæтæгтæ раздæр Иудейы сахар-
тæ æмæ Йерусалимы уынгты куыд кодтой,
афтæ. Уыцы заман мах уыдыстæм æфсæст
æмæ амондджын, фыдбылыз цы у, уый нæ
зыдтам. 18Уæларвы ус-хуыцауæн буд ку-
ынæуал судзæм æмæ йын сæн куынæуал
калæм, уæдæй фæстæмæ та алцæмæй дæр
хъуаг æййафæм, кард æмæ стонгæй сæфæм».
19Сылгоймæгтæ та загътой: «Уæларвы ус-
хуыцауæн буд куы сыгътам æмæ йын сæн
куы калдтам, уæд æй, ау, нæ сæрыхицæуттæ
нæ зыдтой, йæ нывимæ йын гуылтæ кæй
фыцæм, уый?»
20Уæд Йеремиа адæмæн, усæй, лæгæй, йæ
ныхмæ чидæриддæр дзырдта, уыдонæн се
’ппæтæн дæр загъта: 21«Сымах æмæ уæ фы-
дæлтæ, уæ паддзæхтæ, уæ фæтæгтæ æмæ
бæстæйы адæм Йерусалим æмæ Иудейы
сахарты будсудзæн кæй кодтой, Дунедарæг
уæ, мыййаг, уый тыххæй нæ бафхæрдта?
Уыдæттæм кæсгæйæ, нæ рафыхти Йæ маст?
22Дунедарæгæн Йæ бон нал уыд уæ фыдра-
кæндтæм, уе ’лгъаг митæм кæсын, æмæ уæ
зæхх æдзæрæг быдыр фестад, æлгъитынц
æй, йæ уындæй алкæй тасы æфтауы, æмæ
дзы иунæг цæрæг дæр нал баззад. 23Æндæр
хуыцæуттæн буд судзгæйæ, Дунедарæджы
раз фæтæригъæдджын стут, Дунедарæджы
ныхасмæ нæ хъуыстат. Йе ’Гъдау, Йæ уа-
гæвæрдтæ æмæ Йæ фæдзæхстытæ Йын не
’ххæст кодтат, æмæ уыл ныр ацы бæллæх
дæр уымæн æрцыди».
24Уый фæстæ Йеремиа æгас адæмæн,
стæй сылгоймæгтæн се ’ппæтæн дæр загъ-
та: Мысыры цæрæг иудейæгтæ, уе ’ппæт
дæр Дунедарæджы ныхасмæ байхъусут!
25Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуыцау,
афтæ зæгъы: уæ устытимæ цæмæйдæрид-
дæр зæрдæ бавæрдтат, уыдæттæ кодтат!
Сымах загътат: «Сæххæст кæндзыстæм нæ
сомы, уæларвы ус-хуыцауæн буд судздзыс-
тæм æмæ йын сæн калдзыстæм». Уæдæ сæх-
хæст кæнут уæ сомытæ! 26Фæлæ байхъусут
Дунедарæджы ныхасмæ, Мысыры цæрæг
иудейæгтæ! Ард хæрын Мæ хъомысджын
номæй, — зæгъы Дунедарæг, — Мысыры
зæххыл чи цæры, уыцы иудейæгтæй Мæ
ном никуыуал ничи сдзурдзæн æмæ уыдо-
нæй афтæ ничиуал зæгъдзæн: «Цардæгас у
Дунедарæг Хуыцау!» 27Æз уæм æдзухдæр Мæ
цæст дардзынæн — уæ фарнæн нæ, фæлæ уæ
фыдбылызæн! Иудейæгтæ Мысыры зæххыл
кард æмæ стонгæй мæлдзысты, цалынмæ
бынтон фесæфой, уæдмæ. 28Æрмæстдæр
дзы иуæй-иутæ аирвæздзысты кардæй æмæ
Мысыры зæххæй Иудеймæ раздæхдзысты.
Æмæ уæд, Мысырмæ цæрынмæ чи ’рбацыди,
уыцы иудейæгтæй ма чи аирвæза, уыдон
базондзысты, Мæн æви уыдоны ныхас сæх-
хæст ис, уый. 29Мæнæ уын, — зæгъы Дунеда-
рæг, — ацы зæххыл уæ кæй бафхæрдзынæн,
уый нысан. Зонут: Мæ ныхæстæ сæххæст
уыдзысты уæ фыдбылызæн.
30Дунедарæг афтæ зæгъы: «Æз Мысыры
паддзахы, фараон Хофрайы, йæ мæлæтмæ
цы знæгтæ бæллынц, уыдоны къухмæ рат-
дзынæн. Иудейаг паддзах Цедекиайы дæр,
йæ мæлæтмæ чи бæллыд, уыцы знаджы,
Вавилоны паддзах Навуходоносоры къухмæ
афтæ радтон».

**45** Мæнæ цы загъта пехуымпар Йеремиа
Нериайы фырт Барухæн, Иудейы паддзах,
Иосиайы фырт Иоакимæн, йæ паддзахи-
уæджы цыппæрæм аз уый уыцы ныхæстæ
тухгæ чиныджы куы ныффыста, уæд:
2«Барух, Дунедарæг, Израилы Хуыцау дын
афтæ зæгъы: 3-4„Ды хъарæг кæныс дæхиуыл,
Дунедарæг мын мæ хъизæмæрттыл маст
бафтыдта, мæ хъæрзынæй бафæлладтæн
æмæ мæхицæн æнцой нал арын, зæгъгæ“.
Фæлæ йын зæгъ: „Афтæ зæгъы Дунедарæг:
Мæхæдæг цыдæриддæр сарæзтон, уыдон
иууылдæр ныппырх кæндзынæн мгас бæс-
тæйы, цыдæриддæр ныссагътон, уыдон срæ-
дувдзынæн. 5Æгæр бирæ агурыс дæхицæн.
Мацы кур, уымæн æмæ Æз æппæт цæрæг
удтыл бæллæх æруадздзынæн, — зæгъы
Дунедарæг, — дæу та, кæдæмфæнды куы
ацæуай, уæддæр фервæзын кæндзынæн,
хорзæхæн цард райсдзынæ“».

**46** Дунедарæг Йеремиайæн фехъусын кодта
Йæ ныхас, цæмæй йын иннæ адæмты фидæн
базонын кæна.
2Мысыры бæстæйы, мысыраг фараон Не-
хойы æфсады тыххæй. Иудейаг паддзах
Иоаким, Иосиайы фырт, цыппæрæм аз хи-
цауиуæг куы кодта, уыцы заман æй вави-
лойнаг паддзах Навуходоносор Каркемишы,
Евфраты доны был, ныддæрæн кодта.

3 Æрцæттæ кæнут уартытæ, æрцытæ, хæс-
ты быдырмæ рæвдздæр рацæут! 4 Сифтын-
дзут уæ бæхтæ æмæ размæ згъорут, бæх-
джынтæ! Уæ уæлæ згъæрхудтæ æмæ згъæр-
хæдæттæ æркæнут! Æрцытæ сцыргъ кæнут!
5 Фæлæ цы уынын Æз? Фыр тæссæй лидзæг
фесты, сæ гуыппырсарты сын ныццагътой.
Фæстæмæ нæ кæсгæйæ, лидзынц, алырды-
гæй — æвирхъау тас, — зæгъы Дунедарæг.
6 Рæувад нæ алидздзæн, æмæ тыхджын
нæ фервæздзæн. Фæкæлдзысты æмæ зæх-
хыл ахаудзысты цæгаты, Евфраты доны был.
7 Уый Нилы донау чи ссæуы? Йæ уылæнтæ
кæмæн гуылф кæнынц фурдау?
8 Мысыр хæрдмæ фæцыди Нилау, йæ уы-
лæнтæ гуылф кæнынц фурды донау. Уый
загъта: «Хæрдмæ фæцæудзынæн, æгас зæхх
æрæмбæрздзынæн, сахартæ æд цæрджытæ
бабын кæндзынæн!»
9 Згъорут, бæхтæ, размæ згъорут, бæх-
уæрдæттæ! Уадз, рацæуой гуыппырсартæ:
эфиопæгтæ, сæ уартытимæ — ливиæгтæ,
æлвæст æрдынтимæ — лудиæгтæ!
10 Дунедарæджы, Уæларвæфсады Барда-
рæджы, мастисæн бон ралæууыд, æмæ Йе
знæгтæй Йæ маст райсдзæни. Йæ фыдгулты
Йын кард аныхъуырдзæн, бафсæддзæн сæ
тугæй! Уымæн æмæ Дунедарæгæн, Уæлар-
вæфсады Бардарæгæн, нывонд æрхастæуыд
цæгатаг бæстæйы, Евфраты доны был.
11 Мысыры чызг, Галаадмæ ацу, æвдадзы
хос æрхæсс дæхицæн! Хосагурæг дзæгъæлы
зилыс — сдзæбæх уæвæн дын нæй. 12 Дæ ху-
динаг æппæт адæмтыл айхъуыст, дæ хъæр
æгас зæххыл дæр хъуысы. Дæ хæстонтæй
иу иннæуыл фæкалди, æмæ сæ дыууæ дæр
æрхаудысты.

13 Дунедарæг пехуымпар Йеремиайæн фе-
хъусын кодта, Вавилоны паддзах Навухо-
доносор кæй æрбабырсдзæн æмæ Мысыры
зæхх кæй сафтид кæндзæн, уый.

14 Радзурут Мысыр æмæ Мигдолы, Ноф æмæ
Тахпанхесы расидут: «Сыстут, æрцæттæ кæ-
нут уæхи: уæ алыварс кард алцы ныхъуыры!»
15 Цæмæн дын басастой дæ тыхджыны,
цæмæн фæцудыдта сæ разы? Дунедарæг æй
зæхмæ раппæрста. 16 Уый афæлдæхта бирæ-
ты. Кæрæдзиуыл фæхаудысты, дзырдтой:
«Уæлæмæ сыстут, аздæхæм нæ адæммæ,
нæхи зæххыл æгъатыр кардæй фервæзæм!»
17 Иннæрдыгæй хъуысти хъæр: «Дзæгъæл-
дзых у Мысыры паддзах — фараон, йæ рæс-
тæг ауагъта!»
18 Сомы кæнын Мæхицæй, — зæгъы Пад-
дзах, Йæ ном — Уæларвæфсады Бардарæг, —
хæхты астæу — Фавор, денджызы раз — Кар-
мел хох. Уыдонау хъомысджын чи у, уый
уæм æнæмæнг фæзындзæн.
19 Мысыры чызг, æрæмбырд кæн дæ дзау-
мæттæ, дæхи æрцæттæ кæн æндæр бæстæм
лидзынмæ! Ныддæрæн æмæ сафтид уыдзæн
Ноф, цæрæг дзы нал баззайдзæн.
20 Мысыры зæхх — рæсугъд хъуджы хуы-
зæн, цæгатæй йæм æрбатæхы дзынга. 21 Мы-
сыры суанг æххуырст лæг дæр — хæрзхаст
гал, ныр лидзæг фесты: нæй хъару хæцынæн.
Се сæфты бон ралæууыд, сæ тæрхоны рæс-
тæг æрцыд.
22 Мысыры зæхх ссыф-сыф кодта калмау:
йе знæгты æфсад æм æрбаввахс ис, æрба-
бырсынц фæрæттимæ, хъæддзаутау.
23 Йæ бæлæстæ йын акалдзысты рæбы-
нæй, зæгъы Дунедарæг, — йæ тар хъæд ын
ныццæгъддзысты: æнæнымæц сты мæтых-
тау. 24 Фæхудинаг ис Мысыры чызг, цæгатаг
знæгты къухмæ бахауд.
25 Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Ху-
ыцау, афтæ зæгъы: «Æз бафхæрдзынæн Но-
йы цæрæг Амоны, стæй фараоны, Мысыры
зæхх æгасæй дæр, йæ паддзæхтæ æмæ йæ
хуыцæутты, фараоныл йæ зæрдæ чи дары,
уыдоны се ’ппæты дæр. 26 Вавилойнаг пад-
дзах Навуходоносор æмæ йæ лæггадгæн-
джыты, сæ мæлæтмæ чи бæллы, уыдоны
къухтæм ратдзынæн. Уый фæстæ Мысыры
зæхх раздæрау адæмæй байдзаг уыдзæн, —
зæгъы Дунедарæг.
27 Ды та ма тæрс, Мæ цагъар Йаков, ма тæрс,
Израил. Æз дæ фервæзын кæндзынæн, дард
бæстæй дæ раздахдзынæн, дæ байзæддæгты
дын уацарæй æркæндзынæн. Раздæхдзæн
Йаков, сабыр æмæ æдасæй та цæрдзæн, зна-
джы цæфæй нал тæрсдзæн».
28 Дунедарæг афтæ зæгъы: «Ма тæрс, Мæ
цагъар Йаков, Æз демæ дæн. Æз дæ адæм-
ты ’хсæн ныххæлиу кодтон, фæлæ ныр се
’ппæты дæр фесафдзынæн. Æрмæстдæр дæу
нæ ныццæгъддзынæн. Раст тæрхон дын
рахæсдзынæн, фæлæ дæ æнæ ’фхæрдæй нæ
ныууадздзынæн».

**47** Фараон Газæйы сахар куы нæма басас-
та, уæд Дунедарæг Йеремиайæн фехъусын
кодта Йæ ныхас, цæмæй йын филистимæгты
фидæн базонын кæна.
2-3 Дунедарæг афтæ зæгъы: «Цæгатæй,
гуылфгæнгæ, æрбацæуынц цæугæдæттæ.
Уæ зæхх æгасæй дæр, цыдæриддæр ыл ис,

уыдон, сахартæ æмæ адæм иууылдæр фæ-
дæлдон уыдзысты. Бæхты къæхты хъæр,
бæхуæрдæтты гыбар-гыбур æмæ сæ цæлхы-
ты уынæрæй адæм ныдздзыназдзысты. Æгас
бæстæйы цæрджытæ ныккæудзысты. Ный-
йарджытæн сæ цæнгты хъару фесæфдзæн,
æмæ сæ цотмæ фæстæмæ нал ракæсдзысты.
4Филистимæгтæн се сæфты бон æрцæу-
дзæн, Тир æмæ Сидоны фæстаг цæдисонтæ
бабын уыдзысты. Дунедарæг ныццæгъддзæн
филистимæгты, Кафторы цæрджытæй ма чи
аирвæзт, уыдоны. 5Газæ, хъыггæнгæ, адас-
дзæн йæ сæр, ныхъхъус уыдзæн Ашкелон.
О, дæлвæзы ма чи аирвæзт, уыдон! Уæ бу-
æрттæ кæдмæ лыгтæ кæндзыстут?»
6О Дунедарæджы кард, кæд басабыр уыдзы-
нæ? Раздæх дæ кæрддзæммæ, иу ран æрлæууу,
æрсабыр у! 7Æниу, куыд æрсабыр уай? Дуне-
дарæг бардзырд радта, Йæ кард саразта Аш-
келон æмæ денджызы былгæрæтты ныхмæ.

**48** Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Ху-
ыцау, Моавы тыххæй афтæ зæгъы: «Додойаг
фæци Невойы сахар: сафтид æй кодтой! Кир-
йатаим фæхудинаг ис, бацахстой йæ знæг-
тæ; сæгад ис, дæрæнгонд æрцыд йæ фидар.
2Моав йæ раздæры кад фесæфта. Хешбоны
цæрджытæ йæ ныхмæ аразынц фыдвæнд:
„Цæуæм æмæ уыцы адæмы фесафæм“.
Мадмена, дæуæн дæр де сæфт æрцæудзæн,
дæ фæдыл зилы кард!»
3Хоронаимæй хъарæг хъуысы: ныззыгуым
ис, хæлæттаг фæци!
4Сафтид ис Моавы зæхх, кæуынц йæ саби-
тæ. 5Лухитмæ фæндагыл адæм сау цæссыг
згъалынц; Хоронаиммæ фæндагыл адæм
хъарæг кæнынц, хæлæттаг кæй фесты, уыыл.
6Лидзгæут, фервæзын кæнут уæ удтæ!
Æдзæрæг быдыры цы какон сындзытæ ис,
уыдонау сут! 7Уæ хъуыддæгтæ æмæ уæ хæз-
натыл уæ зæрдæ дардтат æмæ ныр уацары
бахаудыстут.
Кемош дæр æд сауджынтæ æмæ æд уæз-
дæттæ уацары ацæудзæн. 8Дæрæнгæнæг
алы сахармæ дæр бабырсдзæн, иунæг сахар
дæр нæ аирвæздзæн. Бабын уыдзæн дæлвæз,
сафтид уыдзæн фæз, уымæн æмæ Дунедарæг
афтæ загъта.
9Моавæн базыртæ раттут, цæмæй йæ
бон атæхын суа. Йæ сахартæ æдзæрæг бы-
дыр фестдзысты, иунæг цæрæг дзы нал
баззайдзæн.

10Дунедарæджы хъуыддаг æххæст кæнгæ-
йæ, зæрдиагæй чи нæ архайы æмæ йæ кард
тугæй чи нæ ахоры, уый æлгъыст у!
11Моав йе ’взонджы бонтæй абоны онг
æнæхъыгдардæй царди, сæн йæ бынтыл
куыд æрбады, уыйау. Иу ранæй йæ иннæ-
мæ никуы сæвгæдтой, уацары йæ никуы
акодтой, æмæ хæрзадæй баззад, йæ хæрз-
дæф нæ фесæфт. 12Фæлæ æрцæудзæн ахæм
рæстæг, — зæгъы Дунедарæг, — æмæ йæм Æз
сæндуцджытæ арвитдзынæн. Æндæр ран-
мæ йæ сæвгæндзысты, йæ мигæнæнтæ йын
сафтид кæндзысты æмæ йын йæ дурынтæ
ныппырх кæндзысты.
13Моавы зæхх Кемошы тыххæй фæхудинаг
уыдзæн, Израилæн йæ зæрдæдарæн Вефил
куы сси, уæд куыд сæгад ис, афтæ. 14Куыд у
уæ бон афтæ дзурын: «Мах тыхджын стæм,
хæсты быдыры — æхсарджын!»
15Сафтид ис Моав, йæ сахартæ йын ба-
цахстой, æвзæрст лæппуты акодтой æр-
гæвдынмæ, — зæгъы Паддзах, Йæ ном —
Уæларвæфсады Бардарæг. — 16Моавæн йе
сæфт æрæввахс ис, фыдбылызтæ йæ размæ
бырсынц.
17Йæ сыхæгтæ, ныккæут ыл! Йæ раздæры
кад ын чи зыдта, уыдон иууылдæр зæгъæнт:
«О, додой! Хъомысджын лæдзæг, намысджын
хъил ныссасти!»

18Дивоны цæрæг, дæ кадджын бынатæй
сыст æмæ хус зæххыл æрбад, уымæн æмæ,
Моавы зæхх чи сафтид кодта, уый дæм æрба-
цæудзæн æмæ дын дæ фидæрттæ ныппырх
кæндзæн.
19Ароеры чызг, фæндаджы раз æрлæууу
æмæ дæ размæ кæс. Чи аирвæзт, уыцы лидз-
джыты, цы ’рцыди, зæгъгæ, фæрс.

20 Фæхудинаг ис, бабын ис Моав!
Кæут, дзыназут, расидут Арноны:
Моавы зæхх гæныстонмæ æрцыд.

21-24 Рахастæуыд дæлвæзæн тæрхон:
Холон, Йахац, Мефаат, Дивон, Нево,
Кирйатаим, Бет-Гамул, Бет-Меон,
Бет-Дивлатаим, Керийот, Боцра —
дард æмæ хæстæг сахартæй иу дæр
æнæ ’фхæрдæй нæ баззади Моавы.

25«Йæ сыкъа акъуырдтой Моавæн, йæ къух
ныссасти, — зæгъы Дунедарæг. — 26Срасыг
æй кæнут, уымæн æмæ Дунедарæджы ных-
мæ сыстади! Уадз æмæ Моав йæ сæты лæзæ-
ра, уадз æмæ хынджылæггаг суа!

**47:5** Буар лыгтæ кæнын — сау дарыны нысан рагон дзуттæгтæм.

[27]Израилыл-иу нæ худтæ, раст цыма йæ
давджытимæ ’рцахстой, уыйау? Йæ кой дæр
ын æлгъгæнгæ кодтай».
[28]Моавы цæрджытæ, уæ сахартæ ныууа-
дзут æмæ къæдзæхтыл æрцæрут, лæгæтты
сæрмæ ахстæттæ цы хъæддаг бæлæттæ скæ-
нынц, уыдоны бафæзмут.
[29]Моав сæрыстыр, æнæвввæрсон æмæ
къæйных кæй у, уый мах фехъуыстам.
[30]«Æз ын йæ къæйныхдзинад зонын, — зæ-
гъы Дунедарæг. — Йæ хиппæлой ныхæстæ
мæнг сты; цы дзуры, уыдæттæ нæ кæны».
[31]Уымæн кæуын Æз Моавыл, æгас Моавыл
дзыназын, Кир-Хересы цæрджытыл хъа-
рæг кæнын.
[32]О Сивмайы сæндон! Дæуыл куыд кæ-
уын, афтæ Æз Йазерыл дæр нæ куыдтон.
Дæ талатæ суанг денджызы фаллаг фарсмæ
аххæссыдысты æмæ ныххæццæ сты Йазеры
цадмæ. Ныр дын дæ рæгъæд сæнæфсир æмæ
дæ сæрдыгон дыргътæ ныллæгуын кодта
дæрæнгæнæг.
[33]«Моавæн йæ дидинæгкалæг зæхх æнæ-
хай фæци цин æмæ хъæлдзæгдзинадæй. Æз
сæндуцæнты сæн нал ныууагътон, æмæ уым,
цины хъæр кæнгæйæ, ничиуал дуцы сæн.
Хъæр райхъуысы, фæлæ уый цины хъæр нæу.
[34]Хъарæг хъуысы Хешбонæй Елалемæ, су-
анг Йахацы сахармæ, Цоарæй Хоронаим æмæ
Еглат-Шелишийы онг адæмы хъæр хъуысы,
уымæн æмæ Нимримы дæттæ байсысдзысты.
[35]Уаз къуыппытыл нывæндтæ чи хæссы
æмæ дзы йæхи хуыцæуттæн буд чи судзы,
уыдоны Æз ныццæгъддзынæн Моавы», —
зæгъы Дунедарæг.
[36-37]Мæ зæрдæ уадындзау уымæн кæуы
Моавыл, дзыназы уадындзау Кир-Хересы
цæрджытыл. Ныр се ’ппæт исбон бабын
ис; сæ сæртæ — даст, сæ боцъотæ — æлвыд;
сæ цæнгтыл — ностæ, се ’ппæтæн дæр сæ
фæрстыл — сæхъис.
[38]Моавæн йæ алы уæлхæдзарæй, йæ алы
уынгæй дæр хъуысы хъарæг, уымæн æмæ Æз
Моавы зæхх æнæпайда мигæнæнау ныззы-
гуым кодтон, — зæгъы Дунедарæг.
[39]Адæм дзурдзысты, дзыназгæйæ: «О, до-
дой! Ныззыгуым ис Моав, фæхудинаг ис,
лидзæг фесты йæ адæм!» Моав хынджы-
лæггаг сси, йæ сыхæгты стыр тасы бафтыдта
йæ уындæй.
[40]Дунедарæг афтæ зæгъы: «Цæргæс йæ
амæттагыл йæхи ныццæвдзæн, Моавы сæр-
мæ айтындздзæн йæ базыртæ. [41]Йæ сахартæ
йын бацахсдзысты, йæ фидæрттæ йын ба-
сæтдзысты. Уыцы бон моаваг гуыппырсартæ
фыр тæссæй арæг устытау нырриздзысты.
[42]Моавæгтæ адæмты ’хсæнæй фесæфдзыс-
ты, уымæн æмæ Дунедарæджы ныхмæ
сыстадысты.
[43]Æвирхъау тас, дзыхъхъытæ æмæ ахсæн
хызтæ уæм æнхъæлмæ кæсынц, моавæг-
тæ, — зæгъы Дунедарæг. — [44]Фыр тæссæй
лидзæг чи фæуа, уый дзыхъхъы ныххаудзæн,
дзыхъхъæй чи схиза, уый ахсæн хызы аир-
вæздзæн, уымæн æмæ Моавæн йæ тæрхоны
аз ралæудзæн, — зæгъы Дунедарæг.
[45]Хешбоны бырутæн сæ ауæтты фæллад
лигъдæттæ лæууынц. Хешбонæй арт раир-
вæзт, Сигоны хæдзар пиллон артæй судзы;
йæ къæмисæнтæ судздзæни Моавæн, нæ-
рæмонтæн сæ сæртæ басудздзæн.
[46]О Моав, додойаг фæдæ! Кемошы адæм
бабын сты! Дæ фырттæ бахаудысты уацары,
дæ чызджытæй дын уацайрæгтæ скодтой.
[47]Фæлæ фидæны Æз моавæгтæн сæ раздæ-
ры æнæмаст цард раздахдзынæн», — зæгъы
Дунедарæг.
Ууыл моавæгтæн сæ тæрхон ахицæн ис.

**49** Аммонæгты тыххæй Дунедарæг афтæ
зæгъы: «Ау, Израилæн фырттæ нæй? Ау, æнæ
бындарæй баззад? Милком цæмæн бацахс-
та Гады зæхх, æмæ йæ адæм Гады сахарты
цæмæн цæрынц?
[2]Уымæ гæсгæ æрцæудзæн ахæм рæстæг, —
зæгъы Дунедарæг, — æмæ аммонаг Раввайы
цур тохы хъæртæ райхъуысдзысты. Хæлд-
дзæгты кæри фестдзæн, йæ чызджытæ арты
басудздзысты, æмæ Израил, кæй дæлбар
уыди, уыцы адæмæн хицау суыдзæн, — зæ-
гъы Дунедарæг.
[3]Ку, Хешбон, — хæлæттаг фæци Гайы са-
хар! Раввайы чызджытæ, кæут æмæ дзы-
назут! Уæ уæлæ сæхъис скæнут æмæ систы
рæзты хъеллау кæнут, уымæн æмæ Милком
æд сауджынтæ æмæ æд уæздæттæ уацары
ацæудзæн.
[4]Дæ дæлвæзтæй цы ’ппæлыс? Бабын ис
дæ тæрф!
О мæнгард чызг! Дæ хæзнатыл дæ зæрдæ
дардтай, мæ ныхмæ чи схæцдзæн, зæгъ-
гæ. [5]Æз дыл алырдыгæй æвирхъау тас
бафтаудзынæн, — зæгъы Дунедарæг, Уæ-
ларвæфсады Бардарæг, — алырдæмты уæ
фæсурдзысты, æмæ лигъдæтты ничиуал
æрæмбырд кæндзæн. [6]Фæлæ уый фæстæ
Æз аммонæгтæн сæ раздæры æнæмаст цард
раздахдзынæн», — зæгъы Дунедарæг.
[7]Уæларвæфсады Бардарæг едомæгты тых-
хæй афтæ зæгъы: «Ау, Теманы иу куырыхон

нал ис, æмбаргæтæн бынтон фæцыд сæ зонд? Уæлзонд скадавар?
[8]Деданы цæрджытæ, фæстæмæ мауал кæсут, лидзгæут æмæ лæгæтты бамбæхсут. Уымæн æмæ Æз Исавæн фыдбылыз бавзарын кæндзынæн, йæ тæрхоны рæстæг æрцыд, æмæ йæ бафхæрдзынæн.
[9]Сæнæфсиртонджытæ дæм куы 'рцæуиккой, уæд ма дæм уыдон цалдæр гагайы ныууадзиккой. Æхсæвыгон дæм давджытæ куы фæзыниккой, уæд, цас сæ хъæуы, уый бæрц дæ фæдавиккой. [10]Æз та Исавмæ æппындæр ницыуал ныууадздзынæн, йе 'мбæхсæнтæ йын иуусылдæр байгом кæндзынæн, æмæ йæ бон бамбæхсын не суыдзæн. Йæ фырттæ, йе 'фсымæртæ æмæ йæ сыхæгтæ цагъды фæуыдзысты, йæ кой дæр фесæфдзæн.
[11]Ма мæт кæн дæ сидзæртыл, Æз сын сæ цард бахъахъхъæндзынæн, дæ идæдзтæ Мыл сæ зæрдæ дарæнт».
[12]Дунедарæг афтæ зæгъы: «Кæд, масты кæхцæй нуазыны аккаг чи нæ уыди, уыдон дæр дзы нуаздзысты, уæд ды, ау, æнæфхæрдæй баззайдзынæ? Ницы хуызы. Масты кæхц иуусылдæр бануаздзынæ æнæмæнг!
[13]Сомы кæнын Мæхицæй, — зæгъы Дунедарæг, — Боцрайы сахар алкæй йæ уындæй тасы æфтаудзæн æмæ хынджылæггаг суыдзæн, гæныстонмæ æрцæудзæн, æлгъитдзысты йæ, мыггагмæ йæ сахартæ хæлддзæгты кæритæ фестдзысты».

[14]Æз Дунедарæгæй фехъуыстон, адæмтæм кæй рарвыстæуыд минæвары, цæмæй сын зæгъа: «Æрæмбырд ут, сыстут йæ ныхмæ, хæстмæ рацæут!»

[15]«Адæмты 'хсæн дæ Æз ницæйаджы бынатмæ æруадздзынæн, æмæ дæ адæм æлгъагыл банымайдзысты.
[16]О къæдзæхты цъассыты цæрæг, хæхты цъуппыты хицау! Хъæхъхъаг æмæ къæйных кæй дæ, ууыл дæ зæрдæ дзæгъæлы дардтай. Уæлиау ахстон скодтай цæргæсау, фæлæ дæ Æз уырдыгæй раппардзынæн, — зæгъы Дунедарæг. — [17]Едомы зæхх алкæуыл тас æфтаудзæни йæ уындæй. Йæ рæзты чи фæцæйцæуа, уый-иу фыр дисæй ныкъуыззит кæндзæн, йæ хъæдгæмттæм кæсгæйæ. [18]Содом æмæ Гоморрæ, стæй сæ алфамбылай цы сахартæ ис, уыдон куыд бабын сты, — зæгъы Дунедарæг, — афтæ уым дæр иунæг цæрæг нал баззайдзæн, ничиуал дзы æрцæрдзæн.
[19]Иорданы цур цы пыхсбынтæ ис, уырдыгæй домбай дидинæгкалæг сæрвæттæм
куыд рацæйцæуы, афтæ Æз едомæгты æвиппайды лидзæг фæкæндзынæн æмæ Едомы сæргъы, Мæхæдæг кæй сæвзæрстон, уый сæвæрдзынæн.
Чи у Мæн хуызæн? Дзуапп Мæ чи æрдомдзæн? Цавæр фыййау схæцдзæни Мæ ныхмæ?»

[20]Байхъусут, Дунедарæг, Едом æмæ Теманы цæрджытæн цы снысан кодта, уымæ: суанг сын сæ уæрыччыты дæр рæгъауæй фæдавдзысты. Дунедарæг сын бабын кæндзæн сæ сæрвæттæ. [21]Зæхх нынкъуысдзæн се сæфты уынæрæй, æмæ сæ хъæр Сырх денджызмæ айхъуысдзæн. [22]Цæргæс стæхдзæн æмæ йæ амæттагыл йæхи ныццæвдзæн, Боцрайы сæрмæ йæ базыртæ айтындздзæн. Уыцы бон Едомы гуыппырсартæ арæг устытау нырриздзысты.
[23]Дунедарæг Дамаскы тыххæй афтæ зæгъы: Хамат æмæ Арпады сахартæ схъомпал сты, уымæн æмæ æвзæр уац фехъуыстой. Фыр тæссæй рафт-бафт кæнынц, денджызау сæхицæн æнцой нæ арынц. [24]Йæ хъару фесæфти Дамаскæн, лидзæг фæцис æмæ йыл тас бахæцыд; фыр рыстæй арæг усау хъæрзы.
[25]Ау, кадджын сахар, Мæ цины сахар, æппæрст æрцыд? [26]Йæ лæппутæ уынгты амæлдзысты, уыцы бон йæ хæстонтæ иуусылдæр бабын уыдзысты, — зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг. — [27]Æз Дамаскы систыл арт бандзардзынæн, æмæ уыцы арт Бен-Хадады галуантæ аныхъуырдзæн.
[28]Дунедарæг Кедар æмæ Хацоры паддзахæдты, Вавилоны паддзах Навуходоносор кæй басаста, уыдоны тыххæй афтæ зæгъы:
— Сыстут æмæ Кедары ныхмæ схæцут, ныгуылæйнаг адæмы сафтид кæнут! [29]Сæ цатыртæ æмæ сæ рæгъæуттæ, сæ теуатæ, се 'мбæрзæнтæ æмæ сын се 'ппæт мигæнæнтæ байсдзысты æмæ сæм хъæр кæндзысты: «Алырдыгæй — æвирхъау тас!»
[30]Хацоры цæрджытæ, лидзгæут рæвдздæр æмæ лæгæтты бамбæхсут! — зæгъы Дунедарæг. — Вавилоны паддзах Навуходоносор уæ ныхмæ фыдвæнд сарæзта.
[31]Сыстут! Сабыр æмæ æнæмастæй чи цæры, уыцы адæмы ныхмæ схæцут, — зæгъы Дунедарæг. — Нæдæр сæм дуæрттæ ис, нæдæр æвдузæнтæ, æнæхъыгдардæй цæрынц.
[32]Сæ теуатæ кæйдæр æфтиаг суыдзысты, сæ бирæ рæгъæуттæ знæгты хай бауыдзысты. Сæ къæмисæнтæ дасæг адæмы Æз дымгæмæ ныффæйлаудзынæн, алырдыгæй сыл фыдбылызтæ бафтаудзынæн, — зæгъы

Дунедарæг. — 33Хацор хъæддаг куыйтæн
цæрæнбынат суыдзæн, æнусмæ æдзæрæг
быдыр фестдзæн. Цæрæг дзы нал баззай-
дзæн, æмæ дзы ничиуал æрцæрдзæн.
34Иудейы паддзах Цедекиа хицауиуæг
кæнын куы райдыдта, уæд Дунедарæг Йе-
ремиайæн фехъусын кодта Йæ ныхас Еламы
тыххæй.
35Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Æз Еламы æрдын ныссæтдзынæн — хъо-
мысджын кæй фæрцы у, уый. 36Арвы цыппар
кæронæй Еламы бæстæм цыппар дымгæйы
арвитдзынæн æмæ йæ цыппар дымгæйыл
ныффæйлаудзынæн. Тард еламæгтæ кæй
зæхмæ не ’рцæудзысты, ахæм адæмыхатт
нал баззайдзæн. 37Æз, сæ мæлæтмæ чи бæл-
лы, уыцы знæгты раз еламæгтыл фыр тæс-
сæй ризæг бахæцын кæндзынæн, фыдбылыз
сыл бафтаудзынæн, Мæ судзгæ маст сыл
ныккалдзынæн, — зæгъы Дунедарæг, — кар-
димæ сæ сурдзынæн, цалынмæ сæ бынтон
фесафон, уæдмæ. 38Æз мæ паддзахы бадæн
Еламы æрæвæрдзынæн, паддзах æмæ уæз-
дæтты ныццæгъддзынæн, — зæгъы Дунеда-
рæг. — 39Фæлæ фидæны Æз еламæгтæн сæ
раздæры æнæмаст цард раздахдзынæн», —
зæгъы Дунедарæг.

**50** Дунедарæг пехуымпар Йеремиайы уыл-
ты фехъусын кодта Вавилоны, халдейæгты
зæххы, фидæн: 2«Адæмты ’хсæн фехъусын
кæнут! Уæ тырыса сисут нысанæн! Ныхъ-
хъæр кæнут, мацы басусæг кæнут, зæгъут
сын: „Саст æрцыд Вавилоны сахар, фæхуди-
наг ис Бел, афæлдæхтой Меродахы — фæху-
динаг сты йæ хуыцаугæндтæ, ныппырх сты
йæ гуымирытæ!“
3Цæгатаг адæм йæ ныхмæ сыстадысты
æмæ йын йæ зæхх æдзæрæг быдыр фестын
кæндзысты. Нал дзы адæймаг баззайдзæн,
нал сырды мыггаг, ацæудзысты æмæ рахау-
бахау кæндзысты.
4Уыцы заман, — зæгъы Дунедарæг, — Иу-
дей æмæ Израилы байзæддæгтæ, кæугæйæ,
Дунедарæджы, сæ Хуыцауы, агурæг ацæу-
дзысты. 5Сионмæ агурдзысты фæндаг, се
’ргом æм раздахдзысты æмæ дзурдзысты:
„Ацæуæм æмæ Дунедарæгимæ, ферохгæ-
нæн кæмæн нæй, ахæм æнусон фидыдæй
баиу уæм“.
6Мæ адæм сдзæгъæл сты фыстау, сæ фый-
йæуттæ сæ раст фæндагæй аздæхтой æмæ
сæ ныххæлиу кодтой. Хæхтыл æмæ къуы-
быртыл адзæгъæл сты, сæ цæрæнбынат сæ
ферох ис. 7Чи-иу сыл фæхæст, уый-иу сæ
аныхъуырдта, се ’фхæрджытæ дзырдтой:
„Мах аххосджын ницæмæй стæм, уымæн
æмæ уыдон фæтæригъæдджын сты Дунеда-
рæджы, рæстдзинады хæдзары, сæ фыдæлты
зæрдæдарæны, раз“.
8Лидзгæут Вавилонæй! Халдейæгты зæх-
хæй ацæут æмæ бодзтау уæ рæгъæуттæн
фæндаг амонут! 9Уымæн æмæ Æз цæгатаг
зæххытæй æнæнымæц адæмты сыстын кæн-
дзынæн. Æрбакæндзынæн сæ Вавилоны
ныхмæ хæцынмæ, æмæ йæ бацахсдзысты.
Хæрзарæхст сты сæ фатæхсджытæ, æнæ
æфтиагæй не здæхынц фæстæмæ. 10Халде-
йæгтæн сæ зæхх гæныстонмæ æрцæудзæн,
се стигъджытæ сæхи бафсаддзысты, — зæ-
гъы Дунедарæг.
11Мæ бынтæ Мын куы фæдавтат, уæд
цинæй мардыстут, уæ цинæн кæрон нал
уыди. Родтау кæрдæгыл гæппытæ кодтат
æмæ уырсытау уæ мыр-мыр цыди. 12Фæлæ
уæ ныййарæг мад фæхудинаг æмæ сæгад
уыдзæн, адæмты ’хсæн ныллæгдæр бынат
бацахсдзæн, æдзæрæг быдыр, æнæдон зæхх
фестдзæн. 13Дунедарæг æм смæсты ис, æмæ
йæ зæххыл цæрæг нал баззайдзæн, æгасæй
дæр сафтид уыдзæн. Вавилоны рæзты чи-
дæриддæр фæцæйцæуа, уый-иу стыр дисы
бафтдзæн æмæ никъуыззит кæндзæн, йæ
хъæдгæмттæм ын кæсгæйæ.
14Фатæхсджытæ, æрхъула кæнут Вави-
лоныл! Уæ фæттæ йыл æнæвгъауæй æхсут,
уымæн æмæ Дунедарæджы раз фæтæри-
гъæдджын ис!
15Алырдыгæй йыл хъæр кæнут! Йæхи рад-
та знæгтæм, ныппырх сты йæ фидæрттæ,
йæ систæ ныззыгуым сты. Дунедарæджы
азар у уый! Уæ маст дзы райсут! Йæхæдæг
цытæ кодта, уыдæттæ йын бавзарын кæнут!
16Вавилойнаг зæхкусджытæ æмæ хуым-
гæрдджыты ныццæгъдут! Æгъатыр карды
тæссæй алчидæр йæ адæммæ раздæхæд,
йæхи зæхмæ лидзæд.
17Израил у дзæгъæл фысты рæгъау, дом-
бæйттæ йæ алырдæмты фæсырдтой. Раздæр
æй хордта Ассирийы паддзах, фæлæ йын
ацы фæстаг, Вавилоны паддзах Навуходо-
носор, йе стджытæ дæр бахсыдта. 18Уымæ
гæсгæ Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы
Хуыцау, афтæ зæгъы: Æз бафхæрдзынæн
вавилойнаг паддзахы, стæй йæ бæстæ дæр,
Ассирийы паддзахы куыд бафхæрдтон,
афтæ. 19Израилы та йæ раздæры сæрвæт-
мæ раздахдзынæн, Кармел æмæ Башаны

**50:2** Меродах – вавилойнæгты сæйраг хуыцаугонд.

хиздзæн, Ефремы хæхты æмæ Галаады йæхи
бафсаддзæн. 20Уыцы заман, — зæгъы Дуне-
дарæг, — Израилæн агурдзысты йæ азым,
фæлæ аххосджын нæ разындзæн, Иудæ-
йæн агурдзысты йæ тæригъæд, фæлæ йæ не
ссардзысты, уымæн æмæ Æз, цардæгасæй
кæй ныууадздзынæн, уыдонæн ныххатыр
кæндзынæн.
21Мератаимы ныхмæ схæцут, Пекоды цæр-
джыты бафхæрут! Марут сæ, фæстаг лæджы
онг сæ ныццæгъдут, — зæгъы Дунедарæг, —
цыдæриддæр уын бафæдзæхстон, уыдæттæ
сæххæст кæнут.
22Ацы бæстæйы тох æмæ æвирхъау сæф-
ты уынæр хъуысы. 23О, мæнæ куыд афасти,
мæнæ куыд ныппырх ис, æнæхъæн зæхх чи
дæрæн кодта, уыцы дзæбуг! Адæмтæ фыр
тæссæй ризынц, Вавилонмæ кæсгæйæ.
24О Вавилон! Дæ размæ дын ахсæн хыз
сæвæрдтон, æмæ дзы бахаудтæ, уымæн æмæ
уый æнхъæл нæ уыдтæ. Баййæфтой дæ æмæ
дæ ’рцахстой, уымæн æмæ Дунедарæджы
ныхмæ тох кодтай».
25Дунедарæг байгом кодта Йе ’мбæхсæн,
систа дзы Йæ фыдæхы хæцæнгæрзтæ, уымæн
æмæ Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
хъуамæ халдейæгты зæххы Йæ хъуыддаг
сæххæст кæна.
26Алырдыгæй йæ ныхмæ сыстут, йæ хор-
æфснайæнтæ йын байгом кæнут! Цыдæ-
риддæр ссарат, уыдонæй-иу кæритæ скæнут
æмæ сæ фесафут, мацыуал дзы ныууадзут!
27Йæ галты йын иууылдæр амарут, сæр-
гæвдут сæ!
Додойаг фесты! Сæ азары бон, сæ тæрхоны
рæстæг ралæууыд!
28Вавилоны сахарæй чи раирвæзт, уыцы
лигъдæтты хъæр хъуысы. Æмæ ныр базон-
дзысты Сионы, Дунедарæг, нæ Хуыцау, Йæ
Кувæндоны маст кæй райста, уый.
29Вавилоны ныхмæ хæцынмæ фатæхс-
джытæм фæдзурут! Фатæхсджытæ, сахарыл
æрхъула кæнут, мачи дзы раирвæзæд! Йæ
хъуыддæгтæм гæсгæ йын стæрхон кæнут.
Йæхæдæг цытæ кодта, уыдæттæ йын бав-
зарын кæнут, уымæн æмæ уый хæцыд Ду-
недарæджы, Израилы Уаз Хуыцауы, ныхмæ.
30Уый тыххæй йæ фырттæ сахары уынг-
ты амæлдзысты, уыцы бон йæ хæстонтæ
иууылдæр цагъды фæуыдзысты, — зæгъы
Дунедарæг.
31Æз рацыдтæн дæ ныхмæ, Сæрыстыр, —
зæгъы Дунедарæг, Уæларвæфсады Барда-
рæг, — дæ азары бон, дæ тæрхоны рæстæг
ралæууыд.
32Фæкæлдзæн æмæ ахаудзæн Сæрыстыр,
схæцæг ыл нæ уыдзæн. Йæ сахартæ йын
басудздзынæн, йæ алыварс цыдæриддæр
ис, уыдон иууылдæр арты хай бауыдзысты.
33Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Иудæ æмæ Израилы байзæддæгтæ æфхæрд
æййафынц. Уацары сæ чи акодта, уыдон сыл
фидар хæцынц, ауадзын сæ нæй сæ зæрды.
34Фæлæ хъомысджын у сæ Ирвæзынгæнæг,
Йæ ном — Уæларвæфсады Бардарæг. Уый
рахæцдзæни сæ сæрыл, сæ зæхх сын басабыр
кæндзæн, Вавилоны цæрджытыл та катай
бахæцын кæндзæн.
35Халдейæгтæ, Вавилоны цæрджытæ, сæ
уæздæттæ æмæ сæ куырыхонты ныхмæ кард
ист æрцыд, — зæгъы Дунедарæг. — 36Йæ
дæсныфæрсджытæ Мæ карды цæфæй сæрра
уыдзысты, йæ хæстонтыл фыр тæссæй ризæг
бахæцдзæн. 37Йæ бæхты æмæ йæ бæхуæр-
дæтты, стæй, йе ’хсæн чи цæры, уыцы æн-
дæрбæстæгты ныхмæ дæр кард систæуыд,
æмæ сылгоймæгтау стæппуд уыдзысты.
38Йæ цæугæдæттæ бахус уыдзысты, уы-
мæн æмæ уый у гуымирыты зæхх! Уыдоны
тыххæй йæ цæрджытæн сæ сæрызонд фæ-
цыд! 39Хъæддаг куыйтæ, быдираг сырдтæ
æмæ дзы уыгтæ æрцæрдзысты. Уым адæймаг
никуыуал æрцæрдзæн, иу фæлтæрæй ин-
нæмæ æдзæрæг ранæй баззайдзæн. 40Со-
дом æмæ Гоморрæйау, стæй, сæ алыварс
цы сахартæ уыд æмæ Хуыцау кæй ныппырх
кодта, уыдонау, — зæгъы Дунедарæг, — уым
дæр ничи æрцæрдзæн, лæджы къах дзы нал
æрлæудзæн.
41Цæгатæй æрбацæуынц æнæнымæц адæм,
зæххы кæрæттæй сыстадысты паддзæх-
тæ. 42Сæ хæцæнгæрзтæ — кард æмæ æрдын.
Хъæхъхъаг сты, хатыр нæ зонынц, хъæр
кæнынц денджызы уынæрау. Хæстонтæ сæ
бæхтыл хæстæввонгæй згъорынц, цæмæй дæ
ныхмæ схæцой, Вавилоны чызг!
43Вавилоны паддзах йе уæнгтæ æру-
агъта сæ коймæ, фыр рыстæй арæг усау
ныхъхъæрзыдта.
44Иорданы пыхсбынæй домбай дидинæг-
калæг сæрвæтмæ куыд рацæйцæуы, уыйау
Æз вавилойнæгты æвиппайды фæсурдзынæн,
сæ сæргъы сын, Мæхæдæг кæй сæвзæрстон,
уый сæвæрдзынæн.
Кæм ис Мæн хуызæн? Дзуапп Мæ чи æр-
домдзæн? Цавæр фыййау схæцдзæни Мæ
ныхмæ?»

45Байхъусут, Дунедарæг Вавилонæн, хал-
дейæгты зæххæн, цы снысан кодта, уымæ!

Суанг ын йæ уæрыччыты дæр рæгъауæй фæ-
давдзысты, Дунедарæг сын сæ сæрвæттæ дæр
бабын кæндзæн. 46Вавилон саст куы ’рцæуа,
уæд зæхх нынкъуысдзæн тохы уынæрæй,
æппæт адæмтæ йын фехъусдзысты йæ хъæр.

**51** Дунедарæг афтæ зæгъы: «Æз Вавилон
æмæ Лев-Камайы цæрджыты ныхмæ тых-
джын дымгæ сыстын кæндзынæн. 2Вави-
лонмæ æцæгæлæтты арвитдзынæн, æмæ йæ
уыдон дымгæмæ ныддардзысты. Йæ зæхх
ын сафтид кæндзысты, йæ фыдбылызы бон
ыл алырдыгæй æртыхсдзысты.
3Фатæхсæг йе ’рдын саразæд фатæхсджы-
ты, згъæрхæдæттæ чи скодта, уыдоны ных-
мæ! Сæ лæппутæн сын ма тæригъæд кæнут,
се ’фсæддонты сын иууылдæр ныццæгъдут!
4Уадз, халдейæгты зæххыл мæрдтæ лæзæ-
рой, æмæ, фатæй мæлæтдзаг цæф чи фæци,
уыдон фæндæгтыл баззайой! 5Уымæн æмæ
Израил æмæ Иудейы нæ ныууагъта сæ Хуы-
цау, Уæларвæфсады Бардарæг, кæд сæ зæхх
Израилы Уаз Хуыцауы раз тæригъæдæй
йедзаг у, уæддæр.
6Лидзгæут Вавилонæй! Фервæзын кæ-
нут уæ удтæ, цæмæй сымах дæр йæ фыдра-
кæндты тыххæй ма фесæфат. Уымæн æмæ
Дунедарæджы мастисæн рæстæг ралæууыд,
æмæ Вавилонæн йæ хъуыддæгтæм гæсгæ
стæрхон кæндзæн.
7Дунедарæджы къухы Вавилоны сахар уы-
ди сыгъзæрин кæхц, æгас зæхх дзы ныррасыг
ис. Адæмтæ дзы сæн нуæзтой æмæ сæрра
сты. 8Фæлæ Вавилон æвиппайды æрхауд
æмæ ныззыгуым ис.
Дзыназут ыл! Йæ хъæдгæмттæн ын æв-
дадзы хос æрбахæссут, чи зоны, æмæ сдзæ-
бæх уа».

9«Вавилонæн нæ хостæ ницы баххуыс сты».
«Ныууадзæм æй, æмæ алчидæр йæхи зæх-
мæ аздæхæд. Уымæн æмæ йæ азар сæххæс-
сыд уæларвмæ, æврæгъты онг схæццæ ис».
10«Сраст нæ кодта Дунедарæг! Цомут æмæ
Дунедарæджы, нæ Хуыцауы, хъуыддæгтæ
Сионы фехъусын кæнæм».

11Уæ фæттæ сцыргъ кæнут, байдзаг кæнут
уæ фатдонтæ! Дунедарæг сцырен кодта Ми-
дийы паддзæхты, уымæн æмæ Йæ зæрды ис
Вавилоны сахар бабын кæнын. Уый у Дуне-
дарæджы мастисæн тæрхон, Йæ Кувæндоны
маст сæ райсдзæн.
12Уæ тырыса сисут Вавилоны систы
ныхмæ! Уæ хъахъхъæнæн мадзæлттæ
фæхуыздæр кæнут, хъалагъурты æрлæу-
уын кæнут, рæсæнты бабадут! Дунедарæг
цы сфæнд кодта, уый бакæндзæн, Вавилоны
цæрджыты тыххæй цыдæриддæр загъта,
уыдæттæ сæххæст кæндзæн.
13Ды цæрыс стыр цæугæдæтты был. Дæ
хæзнатæ æнæнымæц сты, фæлæ æрцыди
де сæфт, адæмы нал стигъдзынæ.
14Уæларвæфсады Бардарæг расомы код-
та Йæхицæй: «Æз дæ мæтыхтау адæмæй
байдзаг кæндзынæн, сæ уæлахизы хъæр
райхъуысдзæн дæ сæрмæ».
15Дунедарæг Йæ хъомысы фæрцы сфæл-
дыста зæхх, Йæ уæлзондæй æрфидар кодта
дуне, æгæрон зондæй айтыгъта уæлæрвтæ.
16Уый куы фæзæгъы, уæд рауары къæвда,
зæххы кæрæттæй æрбамбырд кæны мигътæ.
Тæрккъæвдайы рæстæг Йæ фæндонæй ферт-
тивы арв, Йе ’мбæхсæнтæй рауадзы дымгæ.
17Æдылытæ сты адæм, зонынад сæм нæй.
Алы згъæртайынгæнæг дæр йæхи худинаг
кæны йæ джиппыуагъд гуымирытæй, уы-
мæн æмæ йæ хуыцаугæндтæ мæнг сты, уд
сæ нæй. 18Уыдон сты ницæйаг æмæ худæг,
сæ тæрхоны заман иууылдæр фесæфдзыс-
ты. 19Фæлæ Йаковæн æндæр у йæ хъысмæт,
уымæн æмæ йæ Хуыцау сфæлдыста æппæт
дæр. Израилæгтæ сты Йæ адæм æмæ Йæ
исбон, Йæ ном — Уæларвæфсады Бардарæг.

20«Ды Мæ дзæбуг дæ, Мæ тохгæнæн хæ-
цæнгарз! Æз-иу дæуæй басастон адæмты,
паддзахæдтæ-иу бабын кодтон. 21-22Бæхæй,
бæхджынæй, уæрдонæй, бæхтæрæгæй, нæл-
гоймагæй, сылгоймагæй, зæронд лæгæй,
сывæллонæй, лæппуйæ, чызгæй — дæуæй-
иу сæ ныддæрæн кодтон. 23Фыййауы æд
рæгъау, зæхкусæджы æд галтæ, бæстæйы
зылдтæ æмæ сахарты хицæутты-иу дæуæй
ныддæрæн кодтон».
24Вавилоны, халдейæгты зæххыл чид-
дæриддæр цæры, уыдоны Æз, Сионы цы
фыдракæндтæ фæкодтой, уыдоны тыххæй
бафхæрдзынæн уæ разы, — зæгъы Дунедарæг.
25О сафæг хох, Æз сыстадтæн дæ ныхмæ, —
зæгъы Дунедарæг, — æгас зæхх сæфтай, æмæ
дæм ныр Æз Мæ къух систон. Къæдзæхты
сæрæй дæ раппардзынæн, сау æвзалы чи
баци, ахæм хох дæ фестын кæндзынæн.
26Сис амайынæн æмæ бындур æвæры-
нæн дын дæ дуртæй ничи сисдзæн, æнус-
мæ æдзæрæг бydыр фестдзынæ, — зæгъы
Дунедарæг.
27Æгас зæххыл уæ тырысатæ сисут! Адæм-
ты ’хсæн сыкъауадындзтæй ныууасут!

Арарат, Минни æмæ Ашкеназы паддзахæд-
тæм фæсидут, цæмæй Вавилоны ныхмæ
схæцой! Йæ ныхмæ тох кæнынæн равзарут
фæтæг! Уæ бæхтыл æм мæтыхтау бабырсут!
28Вавилоны ныхмæ хæцынмæ срæвдз
кæнут адæмты: Мидийы паддзæхтæ, сæ
барджынтæ æмæ сæ сахарты хицæутты,
стæй, сæ дæлбар цы зæххытæ ис, уыдоны
цæрджыты.
29Зæхх æнкъуысы æмæ ризы, уымæн æмæ
Дунедарæг ныридæгæн æххæст кæны, Вави-
лоны тыххæй цы снысан кодта, уый: Вави-
лоны зæхх æдзæрæг быдыр фестын кæнын,
цæрæг дзы куыннæуал баззайа, афтæ.
30Нал тох кæнынц вавилойнаг хæстонтæ,
бадынц сæ фидæртты. Хъару сæм нал ис,
стæппуд сты сылгоймæгтау. Вавилоны хæ-
дзæрттæ басыгъдысты, се 'вдузæнтæ сын
ныссастой.
31Фæдисон ивы фæдисоны, фидиуæг — фи-
диуæджы, цæмæй Вавилоны паддзахæн фе-
хъусын кæной, йæ сахар иууылдæр знаджы
къухмæ кæй бахауд, 32знæгтæ донуайæнтæ
кæй бацахстой, фидæрттæ пиллон артæй
кæй судзынц æмæ хæстонтыл фыр тæссæй
ризæг кæй бахæцыд, уыдæттæ.
33Уæларвæфсады Бардарæг, Израилы Хуы-
цау, афтæ зæгъы: «Вавилоны чызджы мусау
нынннай кодтой, тагъд йæ хуымгæрдæн афон
ралæудзæн».

34Вавилоны паддзах Навуходоносор мæ
хордта æмæ æхсыдта, афтид мигæнæн мæ
сарæзта! Ныхъуырдта мæ кæфхъуындарау,
бафсæсти мæ, йæ гуыбын байдзаг кодта
мæнæй, уый фæстæ мæ фæстæмæ скалдта.
35Сионы чызг зæгъдзæн: «Аргæвста мæ
Вавилон!» Йерусалим дæр дзурдзæн: «Хал-
дейæгтæ сæхи самæстой мæ тугæй».

36Дунедарæг афтæ зæгъы: «Æз дæ сæрыл
рахæцдзынæн, дæ маст дын райсдзынæн. Æз
сын сæ денджыз æмæ сæ цæугæдæттæ бай-
сысын кæндзынæн. 37Вавилон хæлддзæгты
кæри фестдзæн, хъæддаг куыйтæн — цæрæн-
бынат. Йæ уындæй алкæй тасы æфтаудзæн
æмæ хынджылæггаг суыдзæн, иунæг цæрæг
дзы нал баззайдзæн.
38Йæ цæрджытæ домбæйттау иууыл-
дæр иумæ ныббогъ кæндзысты, домба-
йы лæппынтау рыхдзысты. 39Куы сызнæт
уой, уæд сын Æз нозт ратдзынæн, нырра-
сыг сæ кæндзынæн, цæмæй схъæлдзæг
уой æмæ уый фæстæ æнусон фынæй ба-
уой, макуыуал райхъал уой, — зæгъы
Дунедарæг. — 40Уæрыччытæ, сæгътæ æмæ
фыстау сæ акæндзынæн æргæвдынмæ».

41Уæ, мæнæ куыд бацахстой Шешах, æгас
дунейы кад куыд басастой! Адæмтыл тас
бахæцыд, Вавилонмæ кæсгæйæ.
42Вавилоны сæрмæ денджыз хæрдмæ фæ-
цыди, гуыргуыргæнгæ йæ бамбæрзтой йæ
уылæнтæ. 43Вавилоны сахартæ сафтид сты,
бахус ис йæ зæхх, æдзæрæг быдыр фестад,
иунæг цæрæг дзы нал баззад, иу цæуæг ыл
нал ис.
44Æз вавилойнаг Белы бафхæрдзынæн,
цыдæриддæр аныхъуырдта, уыдон ын фæс-
тæмæ скалын кæндзынæн. Адæмтæ йæм
нал цæудзысты, Вавилоны систæ ныппырх
уыдзысты.
45О мæ адæм, рацæут Вавилонæй! Дуне-
дарæджы стыр мастæй уæ удтæ фервæзын
кæнут! 46Ма фæтæрсут, бæстæйы цы уац
айхъуысдзæн, уымæй. Иу аз хъусдзыстут
дам-думтæ, иннæ аз дæр — афтæ: цыма зæхх
байдзаг уыдзæн тыхмийæ æмæ паддзæхтæ
кæрæдзийы ныхмæ сыстдзысты.
47Афон куы ралæууа, уæд Æз вавилойнаг
гуымирыты ныззыгуым кæндзынæн. Вави-
лоны зæхх æгасæй дæр фæхудинаг уыдзæн,
æмæ йæ уæлæ мæрдтæ лæзæрдзысты. 48Арв,
зæхх æмæ сыл цыдæриддæр ис, уыдон иу-
уылдæр ныццин кæндзысты, уымæн æмæ
Вавилонмæ цæгатæй фæзындзысты дæрæн-
гæнджытæ, — зæгъы Дунедарæг. — 49Бабын
уыдзæн Вавилон, уымæн æмæ уый изра-
илæгты мардта, æгас зæххыл дæр адæмы
фæцагъта.
50О, карды цæфæй чи аирвæзт, уыдон!
Цæугæут, мауал кæнут фæстиат! Ма-иу фе-
рох кæнут Дунедарæджы дард бæстæйы,
Йерусалим уæ зæрдæты æрцæрæд.

51Дунедарæджы уаз Кувæндонмæ æцæгæ-
лæттæ куы бацыдысты, уæд мах сæгад стæм,
хынджылæггаг систæм æмæ худинаджы
бын фестæм.

52«Æрцæудзæн ахæм рæстæг, — зæгъы
Дунедарæг, — æмæ Æз Вавилоны гуымиры-
ты бафхæрдзынæн, æгас бæстæйы цæфты
хъæрзын хъуысдзæн.
53Вавилон суанг уæлæрвтæм куы сæххæсса
æмæ йæ бæрзонд мæсгуытæ куы бафидæрт-
тæ кæна, уæд дæр æм Æз дæрæнгæнджыты
æрбарвитдзынæн», — зæгъы Дунедарæг.
54Вавилонæй райхъуысдзæн æрдиаг, хал-
дейæгты зæххæй — æбуалгъ сæфты уынæр.

55Уымæн æмæ Дунедарæг Вавилоны бæстæ
сафтид кæндзæн, йæ сæрыстыр хъæлæс
ын бамынæг кæндзæн. 56Вавилонмæ фæ-
зындзæни дæрæнгæнæг, йæ хæстонты йын
уацары акæндзысты, сæ фæттæ сын ныс-
сæтдзысты, уымæн æмæ Дунедарæг Хуыцау
алкæмæн дæр йæ хъуыддæгтæм гæсгæ фиды,
æххæстæй сын сæ бафиддзæн.
57«Æз ын йæ уæздæттæ æмæ йæ куырыхон-
ты, бæстæйы зылдты æмæ сахарты хицæут-
ты, стæй йæ хæстонты ныррасыг кæндзынæн,
æнусон фынæй бауыдзысты æмæ никуыуал
райхъал уыдзысты, — зæгъы Паддзах, Йæ
ном — Уæларвæфсады Бардарæг».
58Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Вавилонæн йæ фæтæн систæ зæххимæ сиу
кæндзысты, йæ бæрзонд кулдуæрттæ йын ба-
судздзысты. Адæмтæ дзæгъæлы фæкуыстой
æмæ сæхи удхарæй дзæгъæлы фæмардтой,
уымæн æмæ алцыдæр сыгъд æрцæудзæн».

59-61Иудейы паддзах Цедекиа цыппæрæм
аз хицауиуæг куы кодта, уæд æм сæйраг лæг-
гадгæнæгæй куыста Махсейы фырты фырт,
Нериайы фырт Серай. Пехуымпар Йеремиа,
Вавилоныл цы бæллæхтæ хъуамæ æрцыда-
ид — Вавилоны бæстæйы тыххæй уæлдæр цы
загъдæуыд, уыдон иууылдæр хицæн чиныг-
джы ныффыста æмæ Серайæн бафæдзæхста:
«Хъусыс, Вавилонмæ куы бацæуай, уæд-иу
ацы ныхæстæ иууылдæр бакæс. 62Зæгъ-иу:
„О Дунедарæг! Ды сфæнд кодтай ацы бынат
фесафын, цæмæй дзы адæм дæр æмæ сырдтæ
дæр макуыуал æрцæрой, цæмæй æдзæрæг
быдыр феста“. 63Куыддæр чиныг бакæсай,
афтæ-иу ыл дур бабæтт æмæ йæ Евфраты
астæумæ фехс. 64Уый фæстæ-иу зæгъ: „Ва-
вилон дæр раст афтæ аныгъуылдзæн. Æз
ын цы бæллæхтæ бавзарын кæндзынæн,
уыдоны фæстæ нал схæцдзæн йæхиуыл, йæ
хъару фесæфдзæн“».
Ацы ран пехуымпар Йеремиайы ныхæс-
тæ фесты.

**52** Цедекиа паддзах куы сси, уæд ыл цы-
дис иу æмæ ссæдз азы. Йерусалимы йæ
паддзахиуæг ахаста иуæндæс азы. Йæ
мад уыди ливнæйаг Йеремиайы чызг, йæ
ном — Хамутал.
2Цедекиа дæр Иоакимау, Дунедарæгæн
æнæуынон цы уыди, уыдæттыл бафтыд.
3Дунедарæг афтæ смæсты ис Иудей æмæ
Йерусалиммæ, æмæ сыл йæхи атигъ кодта.
Цедекиа Вавилоны паддзахы ныхмæ
сыстад.
4Цедекиайæн йæ хицаудзинадыл дæсæм
аз куы цыд, уæд дæсæм мæйы дæсæм бон
Йерусалиммæ æрбабырста Вавилоны пад-
дзах Навуходоносор йе 'ппæт æфсадимæ.
Сахарыл æртыхсти æмæ йын йæ алыварс
хæцæн бырутæ самайын кодта. 5Сахар знæг-
ты ахæсты уыди Цедекиайы хицаудзинады
иуæндæсæм азмæ.
6Цыппæрæм мæйы фарæстæм бон сахары
цæрджытæ сыдæй мардысты, адæммæ, цы
бахæрой, уый нал уыди. 7Уыцы бон знæгтæ
сахары сис басастой.
Паддзахы дыргъдоны раз, дыууæ сисы
'хсæн, уыди кулдуар. Кæд халдейæгтæ са-
харыл æрхъула кодтой, уæддæр хæстонтæ
æхсæвы иууылдæр уыцы кулдуары уылты
сахарæй ралыгъдысты æмæ Аравæйы 'рдæм
ацыдысты. 8Халдейæгты хæстонтæ паддзах
Цедекиайы фæсте расырдтой æмæ йæ Йе-
рихонмæ хæстæг тъæпæныл баййæфтой.
Йемæ цы хæстонтæ уыди, уыдон иууылдæр
алырдæмты фæлыгъдысты, 9йæхи та йын
æрцахстой æмæ йæ æрбакодтой Вавило-
ны паддзахмæ, Хаматы зæхмæ, Ривлайы
сахармæ. Уым ын паддзах Навуходоносор
стæрхон кодта.
10Ривлайы сахары Вавилоны паддзах Це-
декиайæн йæ фыртты йæхи раз амарын
кодта, иудейаг уæздæтты се 'ппæты дæр
ныццагъта. 11Уый фæстæ Цедекиайæн йæ
цæстытæ скъахта æмæ йæ хъадаманты акод-
та Вавилонмæ. Суанг æй йæ амæлæты бонмæ
ахæстоны фæдардта.

12Вавилоны паддзах Навуходоносор ну-
дæсæм аз хицауиуæг куы кодта, уæд фæн-
дзæм мæйы дæсæм бон хъахъхъæнджыты
хицау Невузардан, вавилойнаг паддзахы
фæсдзæуинтæй иу, æрбацыди Йерусалим-
мæ. 13Уый басудзын кодта Дунедарæджы
хæдзар, паддзахы галуан æмæ Йерусалимы
хæдзæрттæ — стыр хæдзæрттæ иууылдæр
саусыгъд бакодта. 14Хъахъхъæнджыты хи-
цауимæ цы халдейаг хæстонтæ уыди, уыдон
Йерусалимы систæ дæр ныззыгуым кодтой.
15-16Мæгуыртæй иуæй-иуты æмæ, сахары
цæрджытæй ма чи аирвæзт, стæй Вавилоны
паддзахы къухмæ йæхи чи радта, уыдоны
хъахъхъæнджыты хицау Невузардан иууыл-
дæр уацары акодта. Æрмæст ма сæндæтты
æмæ быдырты кусынæн мæгуыртæй иу цас-
дæр ныууагъта.
17Халдейæгтæ ныппырх кодтой Дунеда-
рæджы хæдзары æрхуы цæджындзтæ, бын-
æнцайæнтæ æмæ æрхуы денджыз. Æрхуы

иууылдæр аластой Вавилонмæ. [18]Ноджы ма
райстой æгтæ, æвгæнæнтæ, æртыскæнтæ,
кæхцытæ, куыситæ — кувыны рæстæг цы
мигæнæнтæй пайда кодтой, уыдон иууыл-
дæр. [19]Хъахъхъæнджыты хицау йемæ аласта,
сыгъзæрин æмæ æвзист мигæнæнæй дзы
цыдæриддæр уыдис, уыдон: боцкъатæ, буд-
судзæнтæ, кæхцытæ, æгтæ, цырагъдарæнтæ,
будсудзæн куыситæ æмæ мигæнæнтæ.

[20]Дыууæ цæджындзы, стæй, йæ быны
дыууадæс æрхуы галы кæмæн уыд, уыцы
æрхуы денджыз æмæ бынæнцайæнтæ Дуне-
дарæджы хæдзарæн саразын кодта паддзах
Соломон. Уыдоны уый бæрц æрхуы уыди,
æмæ йын сбарæн дæр нæ уыд. [21]Дыууæ цæ-
джындзæй алкæмæн дæр йæ бæрзæнд уыди
æстдæс æлмæрины, йæ уæрх та — дыууадæс
æлмæрины. Мидæгæй уыдысты афтид, сæ
къултæ та — цыппар æнгуылдзы фæтæнæн.
[22]Цæджындзты сæртыл уыди æрхуы кады
худтæ, алкæцыйæн дæр йæ бæрзæнд — фондз
æлмæрины. Кады худты алыварс — æрхуы
хызæг æмæ гранаты дыргътæ, уыдон дæр —
æрхуыйæ конд. [23]Цæджындзты фæрстыл
уыди нæуæдз æхсæз гранаты, æдæппæтæй
та хызæгты алыварс — фæйнæ сæдæйы.

[24]Хъахъхъæнджыты хицау уацары акодта
алчер Серайы, Кувæндоны дыккаг сауджын
Софониайы æмæ, Кувæндонмæ бацæуæн цы
æртæ лæджы хъахъхъæдтой, уыдоны. [25]Но-
джы ма сахарæй ракодта æфсæддон хицауы,
паддзахы фæсдзæуинтæй сахары чи баззад,
уыцы авд лæджы æмæ, бæстæйы цæрджыты
æфсадмæ чи фыста, уыцы нымæрдары, стæй
ма, бæстæйы адæмæй сахары кæй ссардта,
уыцы æхсай лæджы. [26]Хъахъхъæнджыты
хицау Невузардан сæ æрбакодта Ривлайы
сахармæ, Вавилоны паддзахмæ. [27]Æмæ Ва-
вилоны паддзах Ривлайы сахары, Хаматы
бæстæйы, се 'ппæты дæр амарын кодта.
Афтæ иудейæгтæ æрвыст æрцыдысты сæ
зæххæй.

[28]Навуходоносор йæ хицаудзинады æвдæм
аз уацары райста æртæ мин дыууын æртæ
иудейаджы, [29]Навуходоносор æстдæсæм
аз паддзахиуæг куы кодта, уæд та Йеруса-
лимæй хаст æрцыдысты астсæдæ æртын
дыууæ адæймаджы. [30]Дыууын æртыккæ-
гæм аз хицауиуæг куы кодта, уæд ма хъахъ-
хъæнджыты хицау Невузардан иудейæгтæй
ноджыдæр уацары райста авдсæдæ цыппор
фондз адæймаджы, æдæппæтæй — цыппар
мин æхсæзсæдæ.

[31]Иудейаг паддзах Йехониа æртын æвдæм
аз уацары куы уыди, уæд Вавилоны бæстæйы
паддзах сси Евил-Меродах. Дыууадæсæм
мæйы дыууын фæндзæм бон Иудейы пад-
дзах Иоакимы йæ хорзæхы аккаг скодта
æмæ йæ ахæстонæй рауагъта. [32]Йемæ хæ-
ларæй дзырдта æмæ йæ Вавилоны иннæ
паддзæхтæй уæлдæр сæвæрдта. [33]Иоакимæн
йæ ахæстоны дарæс раивын кодта, æмæ йæ
царды кæронмæ паддзахимæ иу фынгыл
бадти. [34]Суанг æй йæ амæлæты бонмæ вави-
лойнаг паддзах иу бон дæр хъуаг ницæмæй
ныуагъта.

# Йеремиайы хъарæг

Ацы чиныг арæзт у æмдзæвгæтæй фыст фондз сæрæй. Алы сæр дæр дзы у хæлæттаг сахар Йерусалимыл хъарæг. Уыцы бæллæх ыл æрцыд израилæгты бирæ тæригъæдтæ æмæ æнæгъдау миты аххосæй. Бирæ рæстæг дзуттæгтæ дардæй-дарддæр кодтой Хуыцауæй, хæлдтой Йын Йæ фæдзæхстытæ æмæ ницæмæ дардтой, Йæ пехуымпартæм Йæхи раргом кæнгæйæ, Хуыцау Йæ адæмæн рагацау цы ныстуантæ скодта, уыдон. Хуыцауы фæндонæй 586 азы вавилойнаг æфсæдтæ байстой Йерусалим æмæ ныппырх кодтой Хуыцауы Кувæндон, дзуттæгтæй та бирæты уацары акодтой.

Сæ райгуырæн сахар пырхытæй куы федтой, уæд адæм стыр сагъæсы бацыдысты, уæдæ нал уыцы фыд цæй аххосæй æрцыди, зæгъгæ. Ау, Хуыцау Йæ адæмы ныууагъта? Чиныджы автор нын æвдисы бæллæхты аххосæгтæ, фæлæ уыимæ йæ зæрдæ дары, барон кæй у, уымæ гæсгæ Хуыцау Йæ адæмæн хорзæх кæй ракæндзæн æмæ та ногæй сæ къахыл кæй слæудзысты, ууыл.

Чиныджы фыццаг фондз сæры фыст сты акростихты хуызы: строфаты фыццаг дамгъæтæ фæд-фæдыл куы равæрай, уæд сæ рауайдзæни дзуттаг алфавит. Ацы мадзалæй пайдагонд не ’рцыдис фæндзæм поэмæйы, кæд æмæ уый дæр 22 стихæй (дзуттаг алфавиты дамгъæты нымæцмæ гæсгæ) арæзт у, уæддæр.

Дзуттæгтæ абон дæр бæрæг кæнынц Йерусалимы ныппырхы судзаггаг бон æмæ кæсынц ацы чиныг æрвылазон иубойнон комдарды рæстæг (дзуттаг мæй авивы 9-æм бон).

---

**1** О, додой! Адæмарæх сахар
куы сафтид ис, идæдзау иунæгæй куы
аззади!
Кæддæр куы уыдис адæмты ’хсæн
номдзыд,
бæстæты ус-паддзах куы сси цагъар!
2 Æхсæвы тары сау цæссыг куы згъалы,
йæ рагуарзæттæй иу куы нæй йæ
цуры!
Гадзрахатæй йыл рацыдысты
’рдхæрдтæ,
уæ, систы йе знæгтæ!
3 Уæ, сурынц иудейæгты сæ зæххæй!
Цагъартæ сты, о, сау бон сыл куы
’ркодта!
Æцæгæлæтты ’хсæн æмбæхсынц,
æнцой нæ арынц, баййæфтой сæ
знæгтæ!
Уæ, додойаг куы фесты!

4 Хъынцъым куы кæнынц фæндæгтæ
Сионы, —
бæрæгбонарæзт иунæг дæр куынæ-
уал у.
Уæ, сафтид сты сахарæн йæ
кулдуæрттæ,
хъæрзынц йæ сауджынтæ,
хъæр кæнынц фыр рыстæй йæ
чызджытæ!
О, додойаг куы фæци!

5 Фæуæлахиз ыл йе знаг,
сæ цины хъæр фыдгултæн хъуысы, —
о, Дунедарæг бафхæрдта Йæ сахар;
йæ тæригъæдтæ хъизæмарæй фиды!
Йæ сабиты йын уацары фæкæнынц,
тæрынц сæ се знæгтæ сæ размæ.

6 Сионы чызгæн фесæфти йæ фидауц,
йæ уæздæттæ сдзæгъæл сты сагтау,
æмæ сæхицæн хизæнуат нæ арынц;
сæ хъæру басаст, фæлæ лидзынц.
О, додой, баййæфта сæ цуанон!

7 Æрымысыд йæ хъизæмæртты заман
Йерусалим йæ раздæры хæзнатæ.
Ныр саст æрцыд, æххуысгæнæг нæ
зыны,
кæсынц æм знæгтæ æмæ худынц,
кæй фесæфти йæ хъæру, ууыл.

8 Йерусалимæн йæ тæригъæд уæззау у,
фæчъизи ис, ныр йе стауджытæн
сæлгъаг, —
уæ, федтой йын йæ худинаг!
Йæ цæссыг калы, азылдта йæ
цæсгом, —
9 фæчъизи ис йæ фæччи!
Нæ хъуыды кодта фидæныл,
æмæ æвиппайды фæкалди, —
йæ разы сабыргæнæг нæй!

О Дунедарæг! æркæс-ма мын мæ
хъизæмармæ!
Мæ фыдгултæн сæ цины хъæртæ
хъуысынц!

10 Ныр йе знаг у йæ хæзнатæн сæ хицау.
О, додой! Кувæндонмæ бацыдысты
адæмтæ, —
Ды Де ’мбырдмæ цæуыны бар
кæмæн нæ радтай, уыдон!

11 Хъæрзынц йæ адæм, агурынц
къæбæр.
Сæ хæзнатæ хæринагыл куы ивынц,
цæмæй мæлæтæй фервæзой!
О Дунедарæг! Æркæс-ма мын мæ
худинагмæ!

12 Фæндаггæттæ!
Цæут мæ рæзты, фæлæ-ма æрбакæсут:
æз цы хъизæмар æвзарын,
ахæм ма искуы фендæуыд?
Уæ, Дунедарæг æй мæныл
йæ судзгæ масты бон куы бафтыдта!

13 Уæларвæй мыл æруагъта арт.
Уæ, судзы мæ!
Мæ размæ мын къæппæджытæ
сæвæрдта.
Уæ, лидзæг мæ фæкодта!
Уæ, мæнæ фыр тæссæй куы бандзыг
дæн,
куы кæлы алы бон мæ туг!

14 Мæ тæригъæдтæй сарæзта æфсондз, —
Йæхи къухæй йæ сбыдта!
Мæ бæрзæйыл мын уæз кæны,
æмæ фæкæлын æз æдыхæй.
Кæй къухтæм радта Дунедарæг мæн,
æз уыдонæй куыд ратонон мæхи?

15 Уæ, Дунедарæг басаста мæ
тыхджынты!
Мæ ныхмæ мын, бæрæгбонмæ сæ
хонæгау,
æрæмбырд кодта ме знæгты, —
ныццæгъдой мын мæ лæппуты!
Сæнæфсир сæндуцæны ссæндæгау,
Иудæйы чызджы Дунедарæг бассæста!

16 О, уый тыххæй куы кæуын æз,
мæ цæссыг цæстытæй куы ранхъæвзы!
Мæ Сабыргæнæг, мæлæтæй
Ирвæзынгæнæг,
о, дард куы у мæнæй!
Фæуæлахиз мыл, басаста мæ ме знаг,
мæ хъæбултæ, мæ сабитæ куы
сæфынц!

17 Сион æххуысмæ сиды,
фæлæ йын баххуысгæнæг нæй!
Уæ, Дунедарæг бардзырд радта, —
Йаковыл æрхъула кодтой знæгтæ!
Йерусалим ныр се ’хсæн
куы сси æлгъаг!

18 О, Дунедарæгæн Йæ тæрхон раст у, —
нæ Йæм хъуыстон!
О, байхъусут-ма, адæмтæ!
Мæ хъизæмармæ мын æрбакæсут:
мæ чызджытæ, мæ лæппутæ,
уæ, уацары куы фæцæуынц!

19 Хæзгултæм сидтæн — сивтой мыл сæ
зæрдæтæ!
Уæ, сæфынц сахары Мæ сауджынтæ,
мæ хистæртæ!
Къæбæргур зилынц — фервæзой
мæлæтæй!

20 О Дунедарæг, æркæс-ма мын мæ
хъизæмармæ!
Мæ зæрдæ фæйнæрдæм тоны,
æнцой нæ ары мæ уд —
нæ Дæм хъуыстон!
Мæ хæдзæртты куы бабадти мæлæт,
мæ сабиты мын уынгты кардæй
марынц!
21 Мæ хъæрзын хъуысы ме знæгтæм дæр,
хъуысы,
нæй сабыргæнæг, знæгтæ цин
кæнынц,
цы мын бакуыстай, ууыл!
Дæ тæрхоны бон ралæууæд!
Мæ фыдгултæ мæ фæндæгтыл
фæцæуæнт!
22 Сæ фыдракæндтæм сын æркæс,
æгъатырæй сæ бафхæр,
мæнæн куыд нæ ныббарстай, афтæ!
Уæ, не ’нцайы мæ хъæрзын!
Уæ, байсысти мæ туг!

**2** О, додой! Дунедарæгæн Йæ маст
ссыгъд —
Сионы Чызджы саудалынджы
баппæрста!
Израилы кад арвæй зæхмæ фехста!

**1:17** Йаков – иудейæгты рагфыдæлтæй иу, ацы ран цæуы иудейаг адæмы кой.

Тæрхоны бон æнæ ’фхæрдæй нæ
ныууагъта
Йæ къæхты ’нцой!
2 Æгъатырæй ныппырх кодта Йаковы
хæдзæрттæ,
ныддæрæн кодта фыр мæстæй Иудæ-
йы фидæрттæ.
Фæчъизи кодта, афæлдæхта зæххыл
паддзах æмæ уæздæтты.
3 Уæ, мæстæй судзгæйæ, Израилæн йæ
хъару басаста!
Уæ, нал æй хъахъхъæны фыдгултæй!
Æхсидгæ артау бандзæрста Йаковыл,
æнæхъæн бæстæ саусыгъд бакодта.

4 Йæ фат нылвæста Дунедарæг знагау
æмæ Йæ кардæй
бабын кодта æппæт дæр, —
цыдæриддæр у цæстытæн æхцон!
Сионы Чызджы хæдзæрттыл йæ маст
ныккалдта пиллон артау!
5 Дунедарæг йе знаг фестади,
фесæфта Израилы!
Ныддæрæн кодта галуантæ ’мæ
фидæрттæ;
байдзаг кодта Иудейы зæхх
хъарæгæй, кæуынæй.

6 Йæ хæдзар сафтид кодта мусонгау,
ныззыгуым кодта Йе ’мбырдты бынат!
Бæрæгбæттæ ’мæ сабаты æгъдæуттæ
Сионы рох æрцыдысты Йæ
фæндонæй.
Фыр мæстæй Йе ’ргом аздæхта
паддзах æмæ сауджынæй.
7 Йæ нывондхæссæн фехста,
Йæ Кувæндонмæ нал цæуы æмгæрон.
Сионы галуантæ фыдгулты къухтæм
радта,
сæ уынæр хъуысы Дунедарæджы
хæдзарæй, —
бæрæгбон сын у ныр!

8 Дунедарæг сфæнд кодта ныппырх
кæнын
Сионы систæ, зæххимæ сæ сиу кодта,
æвæллайгæйæ сæ дæрæн кæны.
Дзыназынц систæ ’мæ бырутæ,
уæ, хъизæмар куы кæнынц!
9 Йæ кулдуæрттæ йын афæлдæхта
зæххыл,
куы ратыдта, куы срæдывта
æвдузæнтæ!
Уæ, тард куы ’рцыдысты сæ зæххæй
паддзах æмæ уæздæттæ!
О, нал хъуысы Хуыцауы Æгъдау!
О, пехуымпартæн Дунедарæг ныр
нал æвдисы рагуацтæ!

10 Сионы хистæртæ æмырæй зæххыл
бадынц,
сæ сæртыл рыг байзæрстой,
сæ уæлæ скодтой сæхъис;
Йерусалимы чызджытæ ныддæлгом
сты зæххыл.

11 Тыхсы мæ уд, о, бакуырм дæн фыр
куыдæй!
Мæ зæрдæ скъуыны, уæ, мæ адæм
сæфынц!
Чысыл сабитæ сахары уынгты
сыдæй мæлынц!
12 Сæ мадæлтæй куы курынц дон,
къæбæр,
уæ, уынгты æрдæгмæрдтау куы
лæзæрынц!
Сæ удтæ сисынц мадæлты хъæбысы!

13 Йерусалим! Цæуыл дæ абарон, цы дын
зæгъон?
Куыд дæ ’рсабыр кæнон, Сионы чызг!?
Æнæбын денджызау у арф дæ рыст.
Кæй бон у сдзæбæх кæнын дæу?

14 Дæ пехуымпартæ дæ фæсайдтой:
дæ тæригъæдтæм дын нæ амыдтой!
Уæ, дæу нæ бахъахъхъæдтой уацарæй!
Сæ рагуацтæ уыдысты мæнг!

15 Фæндаггон фыр дисæй
ныкъкъæрцц кæндзæнис йе ’рмттæ,
ныкъкъуыззит кæндзæн, банкъусдзæн
йæ сæр
æмæ зæгъдзæн Йерусалимæй:
«Алæмæты рæсугъд сахар дæу хуыдтой?
Æгас дунейы циндзинад ды уыдтæ?»

16 О сахар!
Де знæгтæн хынджылæггаг куы
фестадтæ!
Æхситт кæнынц,
сæ дæндæгты къæс-къæс куы цæуы,
дзурынц:
«Кæдæй-уæдæй йын федтам йе сæфт!
О, ’рцыди уыцы бон!»

17 Дунедарæг сæххæст кодта Йæ
фæндон,
рагзаманы цы загъта, уый æрцыди, —
æгъатырæй дæ ныр дæрæн кæны,

фыдгултæн дæ хинджылæггаг скодта.
О, радта сын уæлахиз!

18 О, Дунедарæгмæ зæрдиагæй скув!
Сионы Чызджы Сис, æхсæвæй-бонæй
ку!
Дæ цæссыг иу уысммæ дæр ма
'рлæууæд!
О, ферох кæн æнцой!

19 Æрвылæхсæв-иу сыст æмæ дзыназ, —
уадз, Дунедарæг фена,
дæ сау цæссыг куыд згъалыс, куыд
кæуыс!
Дæ къухтæ Йæм лæгъстæгæнгæйæ
иваз
дæ сабиты сæраппонд!
Уæ, алы тигъыл æххормагæй куы
мæлынц!

20 О Дунедарæг, æркæс мæм!
О, уый бæрц æгъатыр кæд кæимæ
уыдтæ?!
Ныййарæг мад йæ сабиты хæрынмæ
'рцыд!
Уæ, сауджынæй, пехуымпарæй куы
сæфынц,
Дæ Кувæндоны сæ куы марынц!
21 Зæрондæй, сабийæ,
лæзæрынц рыджы фæндæгтыл.

Уæ, кардæй мын куы ныццагътой
мæ чызджыты, мæ лæппуты!
Дæ азары бон се 'ппæты дæр
фесæфтай,
æгъатырæй сæ аргæвстай!
22 Цыма бæрæгбон ралæууыди, уыйау
Ды алырдыгæй æрбахуыдтай
бæллæхтæ.

О, Дунедарæджы азары бон,
иунæг дæр куы нæ фервæзт!
Кæй фæхастон, кæй фæрæвдыдтон, —
ныццагътой се 'ппæты дæр знæгтæ!

**3** Уæ, додойаг куыд фæдæн!
Йæ мастисæн лæдзæгæй мæ
фæсырдта Дунедарæг!
2 Уæ, саудалынгмæ мæ куы 'ркодта!
3 Æрвылбон мæ куы 'фхæры,
4 куы мæ 'ргæвды,
куы мын ныззыгуым кодта ме
стджытæ!
5 Куы 'ртыхст мæ алыварс,
уæ, удхарæй мæ мары!
6 Куы мæ ныппæрста талынгмæ
æнусмæ,
цыма ингæны дæн мардау!
7 Мæ алыварс куы самадта быру, —
нæй рацæуæн, рæхыстæй мæ куы
сбаста!

8 Æз хъæр кæнын æмæ дзыназын:
мæ куывд Æй фехъусын нæ фæнды.
9 Уæ, дуртæ мын куы самадта мæ
размæ,
ныссуйтæ мын кодта мæ фæндæгтæ!
10 Тæссаг у, цыма арс, йе та домбай
йæ амæттаджы хъахъхъæны!
11 Уæ, дунетыл Йæ фæндонæй куы
хæтын,
куы сдзæгъæл кодта, иунæгæй мæ
куы ныууагъта!

12 Нылвæста Йе 'рдын, сарæзта мæ мил,
13 Йæ фæттæ мын куы ныссагъта мæ
уыргты!
14 Мæ адæмæн æз хъазинаг куы сдæн,
куы кæнынц алы бон мæ фыдгой!

15 Уæ, мастæй мæ куы бафсæста,
куы мæ бафсæста скъæлдзойæ!
16 Куы мын фæхæрын кодта дуртæ,
мæ дзых мын байдзаг кодта рыгæй!

17 Уæ, амонд байстай Ды мæ цардæй,
æз ферох кодтон циндзинад!
18 Уæд загътон æз: «О, фесæфти мæ хъару,
мæ зæрдæдарæн Дунедарæг нал у!»

19 О, æркæс мæ саубонмæ,
куыд рафт-бафт кæнын, уымæ!
Мæ фæндæгтæ ныссуйтæ сты, æркæс
мæм!
Куы байдзаг дæн скъæлдзо æмæ
мастæй!

20 Мæ хъизæмар мæ удæй рох нæма у,
21 фæлæ мын ис зæрдæдарæн,
æмæ мæхицæн раттын дзуапп:
22 «Дунедарæгæн Йæ хæрзаудæн нæ
сысы,
Йæ хорзæх нæ сæфы —
23 æрвылбон ногæй суадзынц талатæ».
24 Дунедарæг — мæ исбон,
мæ зæрдæ Йыл дардзынæн.

25-26 Дунедарæг кæмæн у йæ ныфс,
кæй йæ фервæзын кæндзæн, уыл
æмырæй чи дары йæ зæрдæ,

Йæ хорзæхæй схайджын кæндзæн уый!
27 Æвзонджы бонтæй чи хæссы йæ уаргъ,
уый Дунедарæгæн Йæ хорзæх айсдзæн.

28 Æдзæмæй бады иунæгæй:
йæ уаргъ ыл Дунедарæг сæвæрдта.
29 Ныддæлгом ис зæххыл:
«Кæд ис нырма, мыййаг, зæрдæ
дарæн?»
30 Йæ ныццæвæгмæ бадардта йæ рус.
О, худинаджы бын куы фæци!

31 Дунедарæг Йе 'ргом
æнусмæ нæ аздæхта!
32 Хъизæмар нын бавзарын кодта,
фæлæ та ныббардзæнис:
æгæрон у Йæ хорзæх!
33 Æвæндонæй Уый адæймаджы
бафхæры,
фæриссын ын кæны йæ зæрдæ.
34 Уацайрæгты къæхты бын куы
бассæндынц,
35 Иууылбæрзонды раз
раст тæрхон куынæуал фæкæнынц,
36 тæрхондоны куы асайынц лæджы,
уæд Дунедарæг уыдæттæ нæ зоны?

37 Кæй бон ма у æрмæст зæгъын,
цæмæй Йæ ныхас сæххæст уа?
Йæ бар нæ цæуы алцæуыл?
38 Фарн дæр æмæ бæллæх дæр
Стыр Хуыцауы ныхасæй не 'рцæуынц?
39 Сæ тæригъæд куы бафидынц
æфхæрдæй,
уæд ма куыд хъуамæ рахъаст кæной
адæм?!

40 Фæндаг ссарæм, Дунедарæгмæ
раздæхæм,
41 нæ къухтæ æмæ нæ зæрдæтæ
уæларвы Хуыцаумæ сивазæм!

42 Тæригъæдтæ фæкодтам, нæ Дæм
хъуыстам, —
Ды нын нæ ныббарстай!
43 Дæ маст ссыгъд, æмæ нæ сурыс,
æгъатырæй нæ сафыс!
44 Æврæгъты сæрмæ бамбæхстæ,
нæ нын хъусыс нæ куывд!

45 Ныр адæмты 'хсæн — чъизи æмæ
'лгъаг,
46 ныххæлиу кодтой не знæгтæ сæ
дзыхтæ,
цæмæй нæ аскъуыдтæ кæной!
47 Хъоргъ æмæ æвирхъау тас — нæ хал.
О, сæфт, бæллæх!

48 Мæ цæссыг ранхъæвзы донау —
мæ адæмы чызг сæфы!
49 Кæлы мæ цæстысыг,
о, нæй йын байсысæн,
50 куы не 'ркæса уæларвæй Дунедарæг,
мæ хъизæмар мын цалынмæ нæ фена!

51 Мæ зæрдæ фыр рыстæй фæцæйтоны,
куы бакæсын мæ сахары чызджытæм!
52 Æнаххос маргъы фæдыл зилæгау
мæ фæдыл зилы знаг!
53 Удæгасæй мæ дзыхъмæ ныппæрстой,
йæ сæр ын дурæй сæхгæдтой!
54 Цæугæдæттæ мæ сæрмæ схæццæ сты,
ныцъцъæхахст кодтон: «Уæ, æрцыди
ме сæфт!»

55 О Дунедарæг, арф дзыхъхъæй Дæм
кувын!
56 Мæ хъæлæс мын куы хъусыс,
о, фехъус мын мæ куывд æмæ мæ
хъæрзын!
57 О, дзуапп куы раттис ды мæнæн,
куы зæгъис: «Ма тæрс!»

58 О Дунедарæг, раст тæрхон мын
рахæсс!
О, фервæзын мæ кæн!
59 О Дунедарæг, ме 'фхæрд мын куы
уыныс!
Тæрхонгæнæг мын у!

60 Ды уыныс, куыд саузæрдæ сты ме
знæгтæ,
зоныс сын сæ сау фæндтæ.
61 Дунедарæг, хынджылæг мæ куыд
кæнынц,
уый куы хъусыс, сæ фыдвæндтæ сын
зоныс.
62 Сæхи мыл худæгæй хæссынц,
кæнынц мæ фыдгой алы бон.
63 Æркæс-ма: бадгæ кæной æви
сыстой —
мæныл худынц æдзухдæр!

64 О Дунедарæг! Стæрхон сын кæн,
курын,
сæ хъуыддæгтæм гæсгæ сæ бафхæр!
65 О, сæрра уæнт, æлгъыстаг сæ фæкæн!
66 О Дунедарæг, зил сæ фæдыл,
бынысæфт сæ фæкæн!
Сæ кой дæр мауал уæд Дæ арвы бын!

4 О, додой!
Куыд ныссау ис сыгъдæг сыгъзæрин!
Кувæндоны зынаргъ дуртæ
алы тигътыл ныххæлиу сты!

2 О Сионы зынаргъ фырттæ!
Кæддæр куы уыдысты
сыгъдæг сыгъзæрины æмаргъ!
Ныр сын æлыгæй конд дурынтау,
дурынгæнæджы мигæнæнтау,
куынæуал ис аргъ!
3 Хъæддаг куыйтæ дæр ма сæ
къæбысты
æхсырæй бафсадынц, —
мæ адæмы Чызг гакк-гуккау куы сси
æгъатыр!

4 О, додой! Ноггуырд сабитæн
сæ кæмттæ бахус сты дойныйæ!
Сывæллон куры дзул,
фæлæ йын ничи дæтты иу мур дæр!

5 Йæхи-иу куывдты чи ирхæфста, уый
ныр уынджы аззад, алцæмæй — æнæ
хай.
Зынаргъ дарæсты чи схъомыл ис, уый
дæр
ныр бырæттыл куы зилы!

6 О мæ адæм!
Содом дæр ахæм карз æфхæрд нæ
баййæфта, —
уый бабын иу уысммæ,
лæджы къух ыл нæ бандзæвыд.

7 Дæ лæппутæ куы уыдысты
митæй сыгъдæгдæр, æхсырæй урсдæр!
Сырхварс фæткъуыйау сырх — сæ
рустæ,
сапфиртау-иу цæхæртæ калдтой.
8 Уæ, ныр куы ныссау сты æвзалыйау,
уæ, уынгты сæ куынæуал ис базонæн!
Куы фестадысты царм æмæ стджытæ,
сæ царм бæласы цъарау бахус ис.

9 Куы нæ уа быдырты тыллæг,
уæд карды цæфæй амæлын
сыдæй мардæй хуыздæр кæсы, —
сæ удтæ, удхаргæнгæ, сисынц!

10 Фæлмæн ныййарджытæ сæ хъæбулты
фыцынц!
Уæ, ноггуырд сабитæ куы систы
хойраг!
Уæ, сæфынц мæ адæм!

11 Дунедарæгæн Йæ маст ссыгъд!
Сионы ссыгъта арт, ныккалдта йыл
Йæ азар!
Уæ, саусыгъд æй куы бакодта!

12 Зæххон паддзæхтæ æмæ уæздæттæ
æнхъæл нæ уыдысты, кæй бахиздзæ-
ни залым
Йерусалимы кулдуарыл.
13 Пехуымпарты тæригъæдтæ,
сауджынты фыдракæндтæ —
рæстгæнджыты туг сахары кæй
калдтой,
о, ахæм хуызы бафыстæуыд ныр!

14 Куырмытау ныр куы хъеллау кæнынц
уынгты,
сæхи фæчъизи кодтой тугæй!
Сæ дарæсыл сын ничи уæнды
андзæвын.
15 Хъæр сæм кæнынц: «О, фесæфут, фæ-
чъизи стут!
Цæугæут, ма ныл бандзæвут!»
Адæмтæ сæ кой кæнынц:
«Мæгуыр дзæгъæлдзутæ! Æрцыди се
сæфт!
16 Дунедарæг сæ Йæхæдæг фæсырдта,
нал сæм ракæсдзæн!»
Ныр сæлгъаг сты сауджынтæ,
хатыр нæй зæрæдтæн!

17 Уæ, махæн та куы сурс сты нæ
цæстытæ,
æххуысыл дзæгъæлы нæ зæрдæ
дардтам!
Нæ фæлгæсæн мæсгуытæй
адæммæ ’нхъæлмæ кастыстæм, —
о, уыдон мах нæ фервæзын
кæндзысты!
18 Нæ хæдзæрттæй нын ракæсæн куы-
нæуал ис,
куы бабадтысты не знæгтæ нæ размæ!
Мæлæт æрбахæстæг, нæ бонтæ сты
нымад!
О, мæнæ ис нæ мæлæт!

19 Цæргæсæй тагъддæр нæ куы суры
знаг,
нæ фæдыл хæхты, тыгъд быдырты
зилы.
20 Дунедарæджы байсæрст паддзах —
нæ царды комулæфт —
къæппæджы куы бахауди!
Дзырдтам-иу: «Адæмты ’хсæн йемæ
нæу махæн фесæфынæй тас».

21 Цин кæн, Едомы чызг,
Уцы бæстæйы цæрæг!
Фæлæ ды дæр æнæ ’фхæрдæй нæ баззайдзынæ!
Ныррасыг уыдзынæ, дæ худинаг раргом кæндзынæ!
22 Сионы Чызг!
Кæрон æрцæудзæни де ’фхæрдæн, дæ тардæн!
Едомы чызг! Дæ тæригъæдтæ бафиддзынæ!
Дунедарæг дын дæ фыдракæндтæ хурмæ рахæсдзæн!

**5** О Дунедарæг! Æрымыс нæ, æркæс нæм,
нæ худинаг нын фен!
2 Нæ исбон не знæгтæм куы ’рхауди,
нæ хæдзæрттæ — æцæгæлæттæм!
3 Куы баззадыстæм сидзæртæй, æнæ фыдæй,
нæ мадæлтæ идæдзтæ систы!
4 Куы ’лхæнæм доны хъуыртт æхцайæ,
нæхи сугæн куы фидæм!

5 Хæстæг у не знаг, басаста нын нæ хъару.
О, сулæфын куынæуал у нæ бон!
6 Мысырæгтæй, ассириæгтæй
æххуыс куы агурæм,
цæмæй къæбæрæй бафсæдæм!
7 Нæ фыдæлтæ тæригъæдтæ фæкодтой,
ныр уыдон нал сты, фæлæ сæ фидæм мах!
8 Цагъайрæгтæ нын хицæуттæ куы систы,
фервæзын сæ куынæуал у нæ бон!

9 Нæ цардыл н’ ауæрдгæйæ, агурæм къæбæр:
æдзæрæг быдыры нæ фæдыл зилы кард!
10 Цыма нæ ’фсæйнаг пецы басыгъдæуыд, уыйау
æххормагæй нæ царм ныссау ис!
11 Сионы худинаг кæнынц нæ устыты,
иудейаг сахарты — нæ чызджыты!
12 Фыдгултæ нын æрцауыгътой нæ фæтæгты,
сæгад сты нæ хистæртæ!
13 Нæ тырынтæ куыройы фыдтæ зилынц,
фæкæлынц сугты бын нæ лæппутæ!
14 Кулдуары раз нал бадынц нæ зæрæдтæ,
нæ зарынц лæппутæ!

15 Нæ зæрдæты куы амард цин,
нæ кафт куы раивта кæуынæй!
16 Нæ кады худтæ
куы ’рхаудысты нæ сæртæй!
О, додойаг куы фестæм мах
нæ тæригъæды аххосæй!
17 Нæ зæрдæтæ фæйнæрдæм тонынц,
нæ цæстыты рухс бамынæг.
18 О, сафтид ис Сионы хох,
хъæддаг куыйтæ йыл зилынц!

19 О Дунедарæг! Ды паддзахиуæг кæныс æнусмæ!
Дæ паддзахы бадæн — мыггагæй мыггагмæ!
20 Цæмæн нæ ныуугътай уый бæрц рæстæгмæ?
Цæуылнæ нæ æрымысыдтæ ныронг?
21 О Дунедарæг! Раздах нæ Дæхимæ,
æмæ уæд раздæхдзыстæм.
О, ратт нын ногæй раргзаманты цард!
22 Ау, бынтон нæ аппæрстай Дæхицæй?
Дæ мастæн нæй кæрон?

# Пехуымпар Езекиелы чиныг

Пехуымпар æмæ сауджын Езекиел Вавилойнаг уацары бахаудис Чырыстийы райгуырды агъоммæ VI æнусы тæккæ райдиан. Цасдæр рæстæджы фæстæ йæм Хуыцау раргом ис æмæ йын Йæ ныхас дзурын кодта, израилæгтæй уацары чи уыдис, уыдонæн, стæй, Йерусалимы чи баззади, уыдонæн дæр. Хуыцауы ныстуантæ уый уыдта куы æбæрæг нывы, куы бæлвырд архайды хуызы.

Езекиел израилæгтæн сæ цæстмæ дардта се 'лгъаг митæ æмæ сæ тæригъæдтæ. Алы адæймагмæ дæр сидти, цæмæй уды сыгъдæгдзинадмæ тырна æмæ æгъдаухæлдæй йæхи хиза. Вавилоны æфсæдтæ 587–586 азты Йерусалим куы ныппырх кодтой, уæд Езекиел йæ зæрдæ дардта, Хуыцау Йæ адæмыл бынтон Йæ къух кæй нæ систа, иу афон сæ уацарæй кæй фервæзын кæндзæн æмæ сæ раздæры бынатмæ кæй раздахдзæн, ууыл. Езекиелы уацамынды сæйраг темæтæ сты Хуыцауы кад (уымæн та раргом уæвæн ис канд Йерусалимы нæ, фæлæ, Хуыцауы кæмдæриддæр бафæнда, уым), стæй, иу заманы æнæмæнг ногæй арæзт чи æрцæудзæн, Хуыцауы уыцы Кувæндон.

Чиныг адих кæнæн ис æхсæз хайыл: 1) Хуыцауы кады диссаджы раргом æмæ Йеремиайы курдиат (1–3 сæртæ); 2) адæмæн сæ тæригъæдтæ сæ цæстмæ бадард, рагфæдзæхст Йерусалимы бындурхæлды тыххæй (4–24 сæртæ); 3) Израилы знæгтæ æфхæрд кæй æрцæудзысты, уый фæдыл пехуымпар ныхас (25–32 сæртæ); 4) Хуыцауы ныфсæвæрæн ныхас Израилы адæмæн, сабырдзинад æмæ сын фарн раттынæй зæрдæбавæрд (33–37 сæртæ); 5) знаг адæмты «нысан» Гогы тыххæй цæстылуайæны (38–39 сæртæ); 6) фидæны Кувæндон æмæ Израилы зæххыл йæ адæм куы цæрдзысты, уыдæтты æрфыст (40–48 сæртæ). Кувæндоны æрфыст кæм лæвæрд цæуы, фæстаг уыцы сæрты ис бирæ зын тæлмацгæнæн бынæттæ, уымæн æмæ дзы æвдыст цæуынц, историйæ цы зонæм, уыдæттимæ алкæд чи нæ бады, ахæм цæстылуайæнтæ.

---

**1** Кевары доны был хаст адæмимæ куы
цардтæн — æртынæм азы, цыппæрæм мæйы
фæндзæм бон — уæд арвы дуар байгом ис,
æмæ мын Хуыцау равдыста цæстылуайæн.
2 Мæйы фæндзæм бон (Йехониайы уаца-
ры куы акодтой, уымæн йæ фæндзæм аз),
3 халдейаг зæххыл, Кевары доны был, Дуне-
дарæг Йæ ныхас фехъусын кодта сауджын
Езекиелæн, Бузийы фыртæн. Уыцы ран ыл
Дунедарæджы къух бандзæвыд.

4 Æз федтон: цæгатæрдыгæй æрбацæуы
зилгæ уад — тынг стыр æврагъ, уый сыгъди
артау, йæ алыварс тæмæнтæ калдта. 5 Арты
астæуæй калди налхъуыт-налмасау цæ-
хæркалгæ рухс; арты астæу зынди чидæр-
тæ — цыппар удгоймаджы хуызæн. Уыдон
уыдысты адæймаджы æнгæс, 6 фæлæ дзы
алкæмæн дæр уыди цыппар цæсгомы æмæ
цыппар базыры. 7 Сæ къæхтæ уыдысты æм-
раст, сæ къахы фадтæ — стуры фадты хуы-
зæн, цæхæр сын калдтой æрттиваг æрхуыйау.
8 Сæ базырты бын цыппарæрдыгæй уыдис
адæймаджы къухтæ. Сæ цыппарæн дæр уы-
ди цæсгæмттæ æмæ базыртæ, 9 сæ базыртæ
кæрæдзиуыл æндзæвыдысты. Цæугæ-цæуын
фæстæмæ нæ кастысты, алчидæр дзы цыди,
йæ цæсгом кæцырдæм арæзт уыди, уыцыр-
дæм. 10 Алкæмæн дæр дзы рахизæрдыгæй
уыдис адæймаджы цæсгом, стæй домбайы
цæсгом, галиуæрдыгæй та — галы цæсгом;
ноджы ма дзы алкæмæн дæр уыди цæргæсы
цæсгом дæр.
11 Ахæм уыдысты сæ цæсгæмттæ. Сæ ба-
зыртæ та — уæлæрдæм тыгъд, дыууæ базы-
рæй æндзæвыдысты сæ кæрæдзиуыл, иннæ
дыууæйæ æмбæрзтой сæ гуыр. 12 Алчидæр
дзы цыди, йæ цæсгом кæцырдæм арæзт уы-
ди, уыцырдæм, Уд сын кæдæм амыдта, уыр-
дæм; цæугæ-цæуын фæстæмæ нæ кастысты.
13 Уыцы удгоймæгтæ уыдысты судзгæ арты
цæхæры хуызæн, цырагъæнгæс. Се 'хсæн цы-
ди арт æмæ пиллон уагъта, арвæрттывдтæ-
иу рацыдис артæй. 14 Удгоймæгтæ дæр ар-
вæрттывдау тахтысты дыууæрдæм.
15 Æз сæм кастæн, æмæ мæнæ зæххыл, уы-
цы цыппарцæсгомджын удгоймæгтæн сæ
алкæй раз дæр — фæйнæ цалхы. 16 Цæлхы-
тæн сæ хуыз, сæ арæзт — хризолиты æнгæс.
Цыппар цалхы дæр сæ хуызмæ гæсгæ уы-
дысты иухуызон: алкæцы дæр дзы, цыма
цалх цалхы мидæг уыд, афтæ конд уыди.

17Куы-иу сызмæлыдысты, уæд-иу сæ бон
уыдис алырдæм дæр ацæуын, сæ цыппарæй
алкæмæн дæр йе ’ргом кæдæм здæхт уыд,
уымæ гæсгæ; цæугæ-цæуын фæстæмæ нæ
кастысты. 18Сæ чъилтæ уыдысты бæрзонд
æмæ тасæфтауæг; сæ цыппарæн дæр сæ
чъилтыл алырдыгæй уыди цæстытæ.

19Удгоймæгтæ-иу куы сызмæлыдысты,
уæд-иу, сæ разы цы цæлхытæ уыд, уыдон
дæр сæхи хæрдмæ систой семæ; удгоймæг-
тæ-иу сæхи зæххæй хæрдмæ куы истой,
уæд-иу цæлхытæ дæр уæлæмæ ссыдысты.
20Удгоймæгтæ цыдысты, Уд кæцырдæм
амыдта, уыцырдæм. Уд-иу кæдæмфæнды
ма амонæд — цæлхытæ дæр-иу сæхи хæрдмæ
систой удгоймæгтимæ, уымæн æмæ удгой-
мæгты Уд цæлхыты мидæг дæр уыди. 21Уд-
гоймæгтæ-иу куы азмæлыдысты, уæд-иу
адон дæр семæ; уыдон-иу куы ’рлæууыдысты,
уæд-иу адон дæр афтæ. Уыдон-иу сæхи зæх-
хæй уæлæмæ куы систой, уæд-иу цæлхытæ
дæр семæ хæрдмæ ссыдысты, уымæн æмæ
удгоймæгты Уд цæлхыты мидæг дæр уыди.

22Удгоймæгты сæрмæ уыди цыдæр — æр-
дынæджы ’нгæс, тасæфтауæг кристаллы
хуызæн, уый йæхи айтыгъта сæ сæрмæ.
23Æрдынæджы бын, кæрæдзиуыл æндзæв-
гæйæ, хæрдмæ ссыдысты базыртæ. Дыууæ
базырæй та алы удгоймаг дæр æмбæрзта йæ
гуыр. 24Куы-иу рацæйцыдысты, уæд-иу сын
æз сæ базырты уынæр хъуыстон денджызы
уынæрау, Æппæтхъомысы хъæлæсау, хæстон
асадæны тохы хъæрау. Куы-иу æрлæууы-
дысты, уæд-иу сæ базыртæ æруагътой. 25Сæ
сæрмæ цы æрдынæг уыд, уырдыгæй хъуысти
хъæлæс. Удгоймæгтæ-иу куы ’рлæууыдысты,
уæд-иу сæ базыртæ æруагътой.

26Сæ сæрмæ цы æрдынæг уыд, уый уæлæ
уыди цыдæр, сапфиртæй конд паддзахы
бадæны æнгæс, йæ уæлæ та бадти чидæр,
адæймаджы хуызæн. 27Æз федтон: астæуæй
уæлæмæ уыди цæхæркалгæ згъæры æнгæс,
пиллон калдта артау, астæуæй дæлæмæ та —
арты хуызæн, йæ алыварс — тæмæнкалгæ
рухс. 28Къæвдабон арвыл æврæгъты цы ар-
вæрдын фæзыны, уый æнгæс уыди рухс
Йæ алыварс.

**2** Ахæм уыди, Дунедарæджы кады хуы-
зæг кæм раргом, уыцы цæстылуайæн. Уый
фенгæйæ, зæххыл ныддæлгом дæн æмæ
фехъуыстон кæйдæр хъæлæс. Загъта мын:
«Адæймаджы фырт! Слæуу дæ къæхтыл.
Æз дзурдзынæн демæ». 2Æмæ мемæ куы
дзырдта, уæд æз схайджын дæн Удæй, æмæ
мæ Уый слæууын кодта мæ къæхтыл. Уæд
фехъуыстон мемæ Дзурæджы. 3Загъта мын:
«Адæймаджы фырт! Æз дæ æрвитын изра-
илæгтæм, хивастæй Мæ ныхмæ чи сыстад,
уыцы змæнтджытæм. Сæ фыдæлтау суанг
абоны онг фыдракæндтæ кæнынц Мæ ра-
зы. 4Хивæнд æмæ цъаммар сты ацы адæм,
æмæ сæм мæнæ Æз дæу æрвитын. Зæгъ сын:
„Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау!“ 5Чи зо-
ны, æмæ дæм байхъусой, чи зоны та — нæ,
уымæн æмæ æгоммæгæс адæм сты, фæлæ
уадз æмæ зоной, се ’хсæн пехуымпар кæй
уыд, уый.

6Ды сын, адæймаг, мадæр сæхицæй тæрс,
мадæр сæ ныхæстæй. Сындзытæ æмæ дын
каконтау куы уой æмæ семæ къæдздымтимæ
цæрæгау куы цæрай, уæддæр-иу сын ма фæ-
тæрс сæ ныхæстæй, дæ ныфс-иу ма асæттæд
сæ разы, уымæн æмæ уыдон сты æгоммæ-
гæс адæм. 7Чи зоны, æмæ дæм байхъусой,
чи зоны та — нæ, уымæн æмæ æгоммæгæс
адæм сты; фæлæ-иу сын ды уæддæр зæгъ
Мæ ныхæстæ.

8Байхъус, адæймаг, цы дын зæгъын, уымæ.
Ацы æгоммæгæс адæмау хивæнд ма у. Дæ
дзых байгом кæн æмæ бахæр, цы дын рат-
тон, уый». 9Æз акастæн æмæ федтон: къух
радардæуыд мæнæрдæм, къухы та — тухгæ
чиныг. 10Уый мын æй райхæлдта мæ разы,
æмæ æз федтон — чиныгыл дыууæрдыгæй
дæр фыст: «хъарæг, хъæрзын æмæ додой».

**3** Æмæ мын загъта: «Адæймаджы фырт!
Бахæр дæ разы уыцы тухгæ чиныг, уый фæс-
тæ цу æмæ дзургæ кæн Израилы адæмæн».
2Æз мæ дзых байгом кодтон, æмæ мын Уый
бахæрын кодта уыцы тухгæ чиныг. 3Загъта
мын: «Адæймаджы фырт! Дæ гуыбын бай-
дзаг кæн æмæ дæхи бафсад, мæнæ дын цы
тухгæ чиныг дæттын, уымæй». Æз бахорд-
тон, æмæ цыма мыд бахордтон, уыйау мæ
дзых садджын.

4Уый мын загъта: «Адæймаджы фырт!
Цу Израилы адæммæ æмæ сын мæ ныхæс-
тæ фехъусын кæн. 5Зынхатæн ныхас æмæ
къуымых æвзаг кæмæн ис, ахæм адæммæ
дæ не ’рвыстæуы, фæлæ — Израилы адæммæ.
6Æниу дæ, зынхатæн ныхас æмæ къуымых
æвзаг кæмæн ис, ахæм адæмтæм куы ар-
выстаин, уæд дæм уыдон байхъуыстаиккой.
7Израилы адæмы та нæ бафæнддзæни дæу-
мæ байхъусын, уымæн æмæ Мæ коммæ нæ
кæсынц — Израилы адæм се ’ппæт дæр хи-
вæнд æмæ къæйных сты. 8Фæлæ дæ Æз уы-
донау хивæнд æмæ къæйных скæндзынæн.

9Алмаси æмæ æхсондур куыд фидар сты,
афтæ дæ сфидар кæндзынæн Æз. Ма тæрс,
тас дæ ма бацæуæд сæ разы, уымæн æмæ
уыдон сты змæнтæг адæм».

10Загъта ма мын: «Адæймаджы фырт! Цы
ныхæстæ дын зæгъын, уыдонмæ се 'ппæтмæ
дæр лæмбынæг байхъус æмæ сæ дæ зæрдыл
бадар. 11Ацу хаст адæммæ, дæ адæммæ, æмæ
сын фехъусын кæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау." Хъусдзысты дæм æви нæ, уымæ-иу
ма кæс».

12Уд мæ систа, æмæ æз мæ фæсчъылдымæй
фехъуыстон нæргæ хъæлæс: «Дунедарæджы
кад арфæгонд у Йæ æрвон цæрæны!» 13Но-
джы ма фехъуыстон цæрæгойты базырты,
кæрæдзиуыл чи æндзæвы, уыдоны уынæр,
стæй цæлхыты гыбар-гыбур цæрæгойты раз,
уый уыди æрвнæрды уынæрау. 14Уд мæ систа
æмæ мæ ахаста уырдыгæй.

Æз цыдтæн, хъынцъымгæнгæйæ, мæс-
тæлгъæдæй, уымæн æмæ мыл Дунедарæг
Йæ къухы уæз æруагъта. 15Уæд бацыдтæн
Кевары доны цур Тел-Авивы цæрæг хаст
адæммæ. Уым баззадтæн æмæ сæм авд боны
зæрдæнкъуыстæй фæдæн.

16Авд боны фæстæ мын Дунедарæг загъ-
та: 17«Адæймаджы фырт! Æз дæ Израилы
адæмæн сæвæрдтон хъахъхъæнæгæй. Мæ
ныхæстæм-иу Мын хъус æмæ сын зонд амон
Мæ номæй. 18Æнаккагæн, æнæмæнг амæл-
дзынæ, зæгъгæ, куы зæгъон, æмæ йын ды
зонд куынæ амонай, уыцы æнаккаг фæн-
дагæй раздæх æмæ удæгасæй баззайдзынæ,
зæгъгæ йын куынæ дзурай, уæд æнаккаг
амæлдзæни йæ тæригъæды аххосæй, фæлæ
йын Æз йæ туг исдзынæн дæуæй. 19Фæлæ
кæд æнаккагæн зонд амыдтай, æмæ уый йæ
фыдракæндтæ æмæ йæ æнаккаг фæндаг нæ
ныууагъта, уæд амæлдзæн йæ фыдракæндты
аххосæй, ды та дæ уд фервæзын кæндзынæ.
20Рæстгæнæг йæ рæстадæй йе 'ргом куы
аздаха æмæ фыдракæнд куы сараза, уæд
ын Æз йæ размæ цæлхдур сæвæрдзынæн,
æмæ амæлдзæн. Зонд ын куынæ амонай,
уæд амæлдзæн йæ тæригъæды аххосæй,
æмæ йæ рæстаг хъуыддæгтæ нымады дæр
нал уыдзысты, фæлæ йын Æз йæ туг дæуæй
исдзынæн. 21Æцæг, тæригъæды ма бацæуа,
зæгъгæ, раст адæймагæн зонд куы бацамо-
най, æмæ уый тæригъæд ми куынæ сараза,
уæд удæгасæй баззайдзæни уый дæр, раст
зонд ын кæй бацамындæуыд, уый фæрцы,
æмæ ды дæр дæ уд фервæзын кæндзынæ».

22Уыцы ран мыл Дунедарæг Йæ арм
æруагъта æмæ мын загъта: «Марадз, ацу
быдырмæ, Æз уым ныхас кæндзынæн демæ».
23Æз сыстадтæн æмæ быдырмæ ацыдтæн,
æмæ федтон Дунедарæджы кад, Кевары
доны был æй куыд федтон, афтæ. Æмæ
ныддæлгом дæн зæххыл. 24Уд бацыди мæ
мидæг, слæууын мæ кодта мæ къæхтыл.
Дунедарæг мын загъта: «Ацу дæ хæдзармæ
æмæ дæхиуыл дуар сæхгæн. 25Адæймаджы
фырт! Бæндæнтæй дæ сбæтдзысты, æмæ дæ
бон адæммæ рацæуын нал суыдзæн. 26Æз
афтæ бакæндзынæн, æмæ Де 'взаг дæ ком-
арынгыл баныхæсдзæн, багомыг уыдзынæ
æмæ сын дæ бон уайдзæфтæ кæнын нал
суыдзæн, уымæн æмæ уыдон æгоммæгæс
адæм сты. 27Фæлæ Æз демæ куы сдзурон,
уæд дын дæ дзых байгом кæндзынæн, æмæ
сын ды зæгъдзынæ: „Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау". Æмæ, байхъусын кæй фæнда, уый-
иу байхъусæд, кæй нæ фæнда, уый та-иу ма
байхъусæд, уымæн æмæ уыдон æгоммæгæс
адæм сты.

**4** Ды та, адæймаджы фырт, райс агуыри-
дур, дæ разы йæ æрæвæр æмæ йыл скæн
Йерусалимы хахныв. 2Стæй йыл æрхъула
кæн, йæ ныхмæ йын хæцæн мæсыг сараз,
сыджытбыру самай, хæстон асадæн скæн
йæ ныхмæ æмæ йын йæ алыварс сисфæл-
дахæн сармадзантæ æрæвæр. 3Уый фæстæ
райс алгъац æмæ йæ æфсæн сисау дæхицæй
дæ сахары астæу æрæвæр, стæй де 'ргом
хæстæввонгæй сахарырдæм сараз æмæ йыл
æрхъула кæн. Уый Израилы адæмæн уы-
дзæни нысан. 4Ды та-иу дæ галиу фарсыл
æрхуысс æмæ-иу дæхиуыл Израилы адæмы
тæригъæд сæвæр. Дæ фарсыл цал боны фæ-
хуыссай, уал боны сæ тæригъæдтæ уыдзысты
дæ уæлæ. 5Тæригъæдтæ цал азы фæкодтой,
уал боны дын снысан кодтон — æртæсæдæ
нæуæдз боны хæсдзынæ дæ уæлæ Израилы
адæмы тæригъæд. 6Уый куы сæххæст кæнай,
уæд-иу дыккаг хатт æрхуысс — ныр та дæ
рахиз фарсыл, æмæ Иудейы адæмы азым
хæсс дыууиссæдз боны, азы ныхмæ дын Æз
снысан кодтон бон.

7Де 'ргом æмæ дæ дысфæлдæхт къух
æрхъулагонд Йерусалимы 'рдæм сараз æмæ
пехуымпариуæг кæн йæ ныхмæ. 8Мæнæ
дыл Æз сæвæрдзынæн рæхыстæ æмæ дæ
иу фарсæй иннæмæ разилын дæ бон не
суыдзæн, цалынмæ дæ æрхъулайы бонтæ
фæуой, уæдмæ.

9Дæхицæн райс мæнæу, хъæбæрхор, хъæ-
дур, тъæпæн хъæдур, еуу æмæ нæлмæнæу.
Иу мигæнæны сæ ныккæн æмæ дзы дæхицæн

цъаргæндтæ сфыц, дæ фарсыл цы бонтæ
хуыссай, уыдоны нымæцмæ гæсгæ. Хæр-
дзынæ сæ æртæсæдæ нæуæдз боны. 10Дæ
хойрагæй-иу алы бон дæр — боны дæргъы —
хæр ссæдз шекелы бæрц. 11Дон дæр-иу нуаз
барстæй, боны дæргъы — гины иу æхсæзæй-
маг хай. 12Хæр-иу хъæбæрхоры цъаргæндтæ
æмæ-иу сæ æппæт адæмы цæстыты раз фыц
адæймаджы æппарæнтыл». 13Дунедарæг
ма Йæ ныхасыл бафтыдта: «Афтæ израи-
лæгтæ, цы адæмтæм сæ фæсурон, уыдоны
’хсæн хæрдзысты сæ чъизи хойраг». 14Уæд
æз загътон: «О Дунедарæг Хуыцау! Æз мæхи
никуыма фæчъизи кодтон. Нæдæр холы, нæ-
дæр, сырдтæ кæй ныттыдтой, ахæм дзидза
никуы бахордтон ме ’взонгæй нырмæ. Ницы
чъизи фыд схастон мæ дзыхмæ». 15Уый мын
загъта: «Æз дын бар дæттын адæймаджы
æппарæнты бæсты хъуджы фаджыс райсын,
æмæ-иу ууыл фыц дæ дзул». 16Ноджы ма мын
загъта: «Адæймаджы фырт! Æз Йерусалимы
хойраджы æвæрæнтæ скуынæг кæндзынæн.
Сæ къæбæр катайгæнгæ хæрдзысты барс-
тæй, сæ дон дæр тæрсгæ-ризгæйæ барстæй
нуаздзысты. 17Уымæн æмæ хъуаг æййаф-
дзысты къæбæр æмæ донæй. Сæ алкæй дæр
тас бацæудзæн, æмæ баруайдзысты сæ тæ-
ригъæдты аххосæй.

**5** Фæлæ ды, адæймаджы фырт, райс цыргъ
кард æмæ дзы хилдасæнау дæ сæр æмæ дæ
зачъе адас, стæй райс тæраз æмæ-иу хъуын-
тæ адих кæн æртæ хайыл. 2Сæ иу æртыккаг
хай сын арты басудз сахары астæу, йе ’рхъу-
лайы бонтæ куы фæуой, уæд, иннæ æртыккаг
хай кардæй ныллыгтæ кæн сахаргæрæтты,
аннæ æртыккаг хай та дымгæмæ ныддар. Æз
та сæм фæсте æвзиддзынæн кардæй. 3Æцæг
ма-иу хъуынтæй иу чысыл райс æмæ-иу сæ
дæ фæччийы бабæтт. 4Фæлæ ма-иу уыдо-
нæй дæр райс æмæ-иу сæ арты бакал æмæ
басудз. Уырдыгæй Израилы æппæт адæмыл
рацæудзæнис арт».

5Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Йеру-
салим у уый! Æз æй æрæвæрдтон адæмты
астæу, йæ алыварс та — иннæ бæстæтæ. 6Фæ-
лæ уый, Мæ амындтыты ныхмæ рацæугæ-
йæ, мурттаттæгтæй æмæ, йæ алыварс цы
бæстæтæ ис, уыдонæй фыддæр фæци, уы-
мæн æмæ йæ цæрджытæ се ’ргом аздæхтой
Мæ амындтытæй, Мæ уагæвæрдтæ Мын не
’ххæст кæнынц».
7Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг Ху-
ыцау: сымах уæ алыварс адæмтæй бирæ
хивастдæр разындыстут, Мæ уагæвæрдтæ
æмæ Мæ амындтытæ Мын не ’ххæст кæ-
нут, уыимæ ма суанг уæ алыварс адæмты
æгъдæуттæ дæр.
8Уымæ гæсгæ, — зæгъы Дунедарæг Хуы-
цау, — Æз Мæхæдæг сыстдзынæн дæ ныхмæ
æмæ дыл адæмты раз Мæ тæрхоны азар
ныххуырсдзынæн. 9Ныронг дын цы нæ ба-
кодтон æмæ дын фидæны дæр цы нал ба-
кæндзынæн, уый дын бакæндзынæн ныр
де ’ппæт æлгъаг миты тыххæй. 10Уымæ
гæсгæ дæ мидæг фыдæлтæ хæрдзысты сæ
фыртты, уыдон та — сæ фыдæлты. Æз дыл
Мæ тæрхоны азар ныххуырсдзынæн, чи ма
дæ аирвæза, уыдоны та æппæт дымгæтæм
ныддардзынæн. 11Сомы кæнын Мæхицæй, —
зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — де ’лгъаг гу-
ымирытæй æмæ де ’ппæт æнаккаг митæй
Мын Мæ Кувæндон кæй фæчъизи кодтай,
уый тыххæй дæ Æз æрæлхъивдзынæн, Мæ
цæст дын нæ фæтæригъæд кæндзæн æмæ
дын нæ ныббардзынæн. 12Дæ иу æртыккаг
хай дæ мидæг амæлдзысты емынæйæ æмæ
сыдæй, иннæ æртыккаг хай карды амæттаг
бауыдзæни дæ алфамбылай, аннæ æртыккаг
хайы та дын æппæт дымгæтæм ныддардзы-
нæн. Фæсте сæм æвзиддзынæн кардæй. 13Аф-
тæмæй Мæ маст ссæудзæн, Мæ судзгæ маст
æрсабыр уыдзæн æмæ уæд æрæнцайдзынæн.
Мæ судзгæ масты амæттаг куы фæуой, уæд
базондзысты, Æз, Дунедарæг, рæстдзина-
ды сæрыл тохгæнгæйæ кæй дзырдтон, уый.
14Æз дæ æдзæрæг быдыр фестын кæндзы-
нæн, дæ алыварс адæмтæ æмæ, дæ цурты
чидæриддæр цæуа, уыдон дын дæ худинаг
куыд уыной, афтæ. 15Худдзысты дыл æмæ
дын фидис кæндзысты, сæ кæрæдзийы ра-
гацау фæдзæхсдзысты æмæ æвирхъау тас
бахæцдзæни дæ алыварс адæмтыл, Мæ карз
тæрхоны азар дыл куы ныххуырсон, уæд.
Уый загътон Æз, Дунедарæг.
16Æз сымахыл суадздзынæн стонджы мæ-
лæтдзаг фæттæ, сæ быны уæ фæкæндзынæн.
Уæ хойраг уын скуынæг кæндзынæн 17æмæ
уыл стонджы азар бафтаудзынæн. Тугдзых
сырдты уыл сардаудзынæн, æмæ уын уыдон
уæ сывæллæтты ныццæгъддзысты. Емынæ
æмæ мæлæты хай бауыдзыстут æмæ уæм
кардæй æвзиддзынæн. Афтæ зæгъын Æз,
Дунедарæг.

**6** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Де ’ргом Израилы хæхты ’рдæм сараз
æмæ пехуымпариуæг кæн сæ ныхмæ. 3Зæгъ
сын: „Израилы хæхтæ! Байхъусут Дунедарæг

Хуыцауы ныхасмæ. Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау хæхтæн, къуыбыртæн, мæсчъытæн
æмæ дæлвæзтæн: кардæй уæм февзиддзы-
нæн Æз æмæ уын уæ кувæн къуыбыртæ нып-
пырх кæндзынæн. 4Уæ нывондхæссæнтæ
ныггæныстон уыдзысты, хуры кадæн уæм
цы будсудзæн цæджындзтæ ис, уыдон дæ-
рæнгонд æрцæудзысты, уæ мæрдты уын уæ
гуымирыты раз аппардзынæн. 5Израилæгты
мæрдтæ Æз сæвæрдзынæн сæ гуымирыты
раз, уе стджытæ уын уæ нывондхæссæнты
алыварс ныххæлиу кæндзынæн. 6Кæмдæ-
риддæр цæрат, уым уæ сахартæ уыдзысты
гæныстон, уæ кувæн къуыбыртæ — афтид, уæ
нывондхæссæнтæ — гæныстон æмæ пырх, уæ
гуымирытæ — саст æмæ сæфт, уæ будсудзæн
цæджындзтæ — къуырд, уæ хъуыддæгтæн сæ
кой дæр куыннæуал баззайа, афтæ. 7Бирæтæ
мардæй хаудзысты уе 'хсæн, æмæ уæд базон-
дзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый. 8Фæлæ
ма уæ иу цасдæр удæгасæй ныууадздзынæн,
æмæ уыдон фервæздзысты кардæй, бæстæтæ
æмæ адæмты 'хсæн куы ныххæлиу уат, уæд.
9Æмæ, чи фервæза, уыдон, уацары сæ кæмæ
акæной, уыцы адæмты 'хсæн æрхъуыды
кæндзысты Мæн, уымæн æмæ Æз бауадз-
дзынæн хъынцъым, Мæн чи ныууагъта, сæ
уыцы зæрдæты æмæ, гуымирыты фæдыл
чи адзæгъæл, сæ уыцы цæстыты. Æмæ уæд
сæхæдæг сæхицæн фенæуынон уыдзысты
се 'ппæт фыдракæндтæ æмæ æлгъаг миты
тыххæй. 10Уæд базондзысты, Æз Дунеда-
рæг кæй дæн, уый, æмæ æз дзæгъæлы нæ
дзырдтон, ахæм бæллæх сын кæй бавзарын
кæндзынæн, уый тыххæй“».

11Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Дæ ар-
мытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцæв, дæ къа-
хæй зæхх æртъæпп кæн æмæ зæгъ: „Додой
сæ къона Израилы адæмæн се 'ппæт æлгъаг
миты аххосæй! Кард, стонг æмæ емынæ-
йы амæттаг бауыдзысты. 12Дард ран чи уа,
уый амæлдзæн емынæйæ, хæстæг ран чи
уа, уый та фæмард уыдзæни карды цæфæй.
Удæгасæй ма чи баззайа, уый та амæлдзæни
сыдæй. Афтæ сыл Æз ныххуырсдзынæн мæ
азар. 13Цагъд адæмы мæрдтæ куы лæзæрой
сæ гуымирыты раз, сæ нывондхæссæнты
алыварс, стæй алы бæрзонд къуыбырыл,
æппæт хæхты цъуппытыл, ноджы алы диди-
нæгкалæг бæласы бын æмæ алы къæбузджын
тулдзы бын — сæ гуымирытæн хæрздæф-
гæнæнтæ кæмыты сыгътой, уымыты, уæд
базондзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.
14Æз Мæ къух сисдзынæн сæ ныхмæ æмæ,
кæмдæриддæр цæрынц, уымыты Æз ацы
зæхх федзæрæг кæндзынæн, хуссары æдзæ-
рæг быдырæй суанг Ривлайы онг. Æмæ уæд
базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый“».

# 7

Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: се
сæфт æрцыд Израилы адæмæн, йе сæфт
æрцыд æппæт зæххæн дæр.

3Де сæфт æрцыд, æмæ дыл Æз Мæ азар
ныххуырсдзынæн, дæ хъуыддæгтæм гæсгæ
дын стæрхон кæндзынæн, дзуапп дæ æрдом-
дзынæн де 'ппæт æлгъаг миты тыххæй. 4Мæ
цæст дын нæ фæтæригъæд кæндзæн æмæ
дын нæ ныббардзынæн; дæ хъуыддæгтæ
æмæ де 'лгъаг миты тыххæй дæ бафхæрдзы-
нæн, æмæ уæд базондзыстут, Æз Дунедарæг
кæй дæн, уый».

5Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Мæ-
нæ æрбацæуы фыдбылыз. 6Кæрон æрцыд,
æрхæццæ ис кæрон, сыстади дæ ныхмæ!
Мæнæ æрбаввахс кæны, 7де сæфт æрцыди,
а зæххы цæрæг! Ралæууыд афон, азары бон
æрбахæстæг; уæ хæхтæм æрбаввахс кæны
циндзинады нæ, фæлæ æвирхъау тасы за-
ман. 8Рæхджы дыл Æз ныххуырсдзынæн Мæ
азар, ныккалдзынæн дыл Мæ маст. Дæ хъу-
ыддæгтæм гæсгæ дын стæрхон кæндзынæн,
дзуапп дæ æрдомдзынæн де 'лгъаг миты
тыххæй. 9Мæ цæст дын нæ фæтæригъæд
кæндзæн æмæ дын нæ ныббардзынæн. Дæ
хъуыддæгтæ æмæ де 'лгъаг миты тыххæй
дæ бафхæрдзынæн, æмæ уæд базондзыстут,
Æз Дунедарæг кæй дæн — Йæ азары хай Чи
бакæны, Уый.

10Мæнæ æрхæццæ ис уыцы бон! Ралæу-
уыд, æрцыди уе сæфт! Тыхгæнæджы лæдзæг
къуыбар æфтауы, схъæлдзинад та дидинæг
калы. 11Райрæзти тыхми — æнаккæты лæ-
дзæг, фæлæ уыдонæй иунæг дæр нæ баззай-
дзæн; нæдæр сæ исбонæй, нæдæр сæ уынæ-
рæй, нæдæр сæ номæй ницыуал баззайдзæн.

12Æрцыди афон, ралæууыди бон! Æлхæнгæ
чи бакодта, уыдон цин ма кæнæнт, уæй чи
акодта, уыдон та ма кæуæнт, уымæн æмæ се
'ппæт дæр Мæ азары хай бауыдзысты. 13Чи
ауæй кодта, уымæн йæ исбон нал бафтдзæни
йæ къухы, суанг удæгасæй куы баззайа, уæд
дæр, уымæн æмæ се 'ппæты тыххæй дæр
цæстылуайæн сæххæст уыдзæн. Тæригъæды
чи æфты, уыдонæй иунæг дæр йæ цард нæ
бахъахъхъæндзæн.

14Сыкъауадындзæй ныууасдзысты æмæ,
хæстæввонгæй куы æрлæууой, уæд дæр хæст-
мæ ничи рацæудзæн, уымæн æмæ се 'ппæт
дæр Мæ фыдæхы хай фæуыдзысты. 15Æдде

сæ цæгъддзæни кард, мидæгæй та — рын æмæ
стонг. Быдыры чи уа, уый амæлдзæни кардæй,
сахары чи уа, уый та стонг æмæ емынæйæ.
16 Чи ма сæ аирвæза, уыдон та балиддзысты
хæхтæм æмæ къæдзæхтыл цæрдзысты дæл-
вæзты бæлæттау. Се 'ппæт дæр дзыназдзысты
се 'наккаг миты аххосæй. 17 Се 'ппæтæн дæр
сæ къухты хъару фесæфдзæн, фыр тæссæй
сæ уæрджыты дон ныббаддзæни. 18 Уæд сæ
астæутыл æрбатухдзысты сæхъис, æмæ сыл
ризæг бахæцдзæн. Се 'ппæтæн дæр фыр æф-
сæрмæй судздзæни сæ цæсгом, сæ сæртæ дæр
уыдзысты даст. 19 Се 'взист ракалдзысты уынг-
тæм, сæ сыгъзæрин дæр сæ нал æндавдзæн.
Уыдон сæ Дунедарæджы азары бон нæ фервæ-
зын кæндзысты. Уыдон сæ нæ бафсаддзысты
æмæ сын сæ гуыбынтæ нæ байдзаг кæндзыс-
ты, уымæн æмæ сын æвзист æмæ сыгъзæрин
систы æфсон фыдракæндтæ аразынæн. 20 Сæ
диссаджы хæзнатæй хъал уыдысты, се 'лгъаг
гуымирытæ уыдонæй кодтой, æмæ сын уымæ
гæсгæ сæ хæзнатæ фенад кæндзынæн. 21 Æцæ-
гæлæттæн сæ байсын кæндзынæн, а зæххы
æнаккæгтæн сæ ратдзынæн æфтиагæн, æмæ
сæ уыдон фæчъизи кæндзысты.

22 Æз ме 'ргом аздахдзынæн Мæ адæмæй,
æмæ Мын Мæ Кувæндон фæчъизи кæндзыс-
ты. Æрбацæудзысты йæм стигъджытæ æмæ
йæ фæчъизи кæндзысты.

23 Рæхыс сараз, уымæн æмæ ацы зæхх бай-
дзаг ис тугкалæн фыдракæндтæй, сахар та
йедзаг у тыхмийæ.

24 Æз æрбакæндзынæн адæмты фыддæрты,
æмæ сын уыдон сæ хæдзæрттæ байсдзыс-
ты. Уæд тыхджынты хъалдзинадæн кæрон
скæндзынæн, æмæ сæ уаз бынæттæ фæчъизи
уыдзысты.

25 Æрбацæуы фыд азар, æмæ адæм сабыр-
дзинад агурдзысты, фæлæ йæ не ссардзысты.
26 Фыдбылыз цæудзæни фыдбылызы фæдыл,
фыдуац фыдуацы фæдыл. Пехуымпартæй
курдзысты цæстылуайæнтæ, фæлæ сау-
джынтæм зондамынд нал разындзæн, хис-
тæртæм та — уынаффæ. 27 Паддзах дзыназ-
дзæн, æлдар стыр тасы бацæудзæн, бæстæйы
адæмæн ризæг бахæцдзæни сæ къухтыл.
Сæ фæндæгтæм гæсгæ сын бафиддзынæн,
сæхæдæг иннæтæн куыд тæрхон кодтой,
афтæ сын стæрхон кæндзынæн, æмæ уæд
базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый».

**8** Æхсæзæм аз, æхсæзæм мæйæн йæ фæн-
дзæм бон, æз бадтæн мæ хæдзары, Иудейы
хистæртæ дæр — мæ разы, æмæ мыл уым
Дунедарæг Хуыцауы къух бандзæвыд.
2 Æз федтон: мæнæ чидæр — адæймаджы
хуызæн, астæуæй дæлæмæ — артæнгæс, ас-
тæуæй уæлæмæ та — цæхæркалгæ згъæрау.
3 Æрбадардта мæм къухы хуызæн цыдæр,
мæ сæрыхъуынтæй мæ фелвæста. Уд мæ
арв æмæ зæххы астæумæ систа æмæ мæ
Хуыцауæй лæвæрд цæстылуайæны æрхаста
Йерусалиммæ, йе 'ргом цæгатæрдæм арæзт
кæмæн уыд, уыцы мидæггаг кулдуары цур-
мæ. Уым лæууыди, Дунедарæгæн Йæ маст
кæмæ сыгъди, уыцы гуымиры.

4 Уым мын раргом ис Израилы Хуыцауы кад,
быдыры кæй федтон, уый æнгæс. 5 Дунедарæг
мын загъта: «Адæймаджы фырт! Акæс-ма
цæгатæрдæм». Æз акастæн цæгатæрдæм æмæ
нывондхæссæны кулдуары цур цæгатæрды-
гæй федтон, бацæуæны тæккæ раз чи лæууыд,
уыцы зæрдæхсайды гуымирыйы. 6 Дунедарæг
мын загъта: «Адæймаджы фырт! Федтай,
цытæ аразынц, уый? Уыныс, Израилы адæм
ацы ран цытæ аразынц, уый? Æвирхъау æл-
гъаг митæ кæнынц, цæмæй Æз Мæ Кувæндон
ныууадзон. Фæлæ кæс дарддæр, æмæ ноджы
фыддæр æлгъаг митæ фендзынæ».

7 Дунедарæг мæ бакодта кæрты дуармæ, æмæ
уым къулы федтон хуынкъ. 8 Дунедарæг мын
загъта: «Адæймаджы фырт! Бакъах-ма къул».
Æз бакъахтон къул æмæ федтон цавæрдæр дуар.
9 Дунедарæг мын афтæ зæгъы: «Бацу æмæ фен,
ацы бынаты цы 'лгъаг митæ кæнынц, уый».
10 Æз бацыдтæн æмæ къултыл федтон алы хи-
лæгойты æмæ æлгъаг цæрæгойты нывтæ, стæй,
Израилы адæм кæмæ куывтой, уыцы алыхуы-
зон гуымирыты нывтæ. 11 Израилы хистæртæй
æвдайы бæрц лæууыдысты сæ разы, Шафаны
фырт Иазани дæр се 'хсæн, афтæмæй. Алкæй
къухы дæр сæ уыди будсудзæн, æмæ буды
хæрздæфы къуыбылæйттæ хæрдмæ цыдысты.
12 Дунедарæг мын загъта: «Уыныс, адæймаг,
Израилы хистæртæй алчидæр талынджы, йæ
гуымирыты нывтæй фæлыст уаты, цытæ кæны,
уый? Уыдон дзурынц, Дунедарæг мах нæ уыны,
зæгъгæ, Йæхи, дам, атигъ кодта ацы зæххыл».

13 Ноджы мын загъта: «Кæс дарддæр æмæ но-
джы фыддæр æлгъаг митæ фендзынæ». 14 Стæй
мæ бакодта Дунедарæджы Кувæндоны кулдуа-
ры цурмæ, йе 'ргом цæгатæрдæм арæзт кæмæн
уыди, уымæ. Уыцы ран бадтысты сылгоймæгтæ
æмæ куыдтой Таммуз-хуыцауы мæлæтыл.

15 Дунедарæг мын загъта: «Уыныс, адæй-
маг? Кæс дарддæр æмæ ноджы фыддæр
æлгъаг митæ фендзынæ».

**8:14** Таммуз – зæххы бæркад æмæ къæвдайы «хуыцау» Вавилоны, адæмон уырнынадмæ гæсгæ-иу амарди хурхæтæны заман æмæ-иу къæвдаты афон райгас ис.

16Дунедарæг мæ бакодта Кувæндоны ми-
дæггаг кæртмæ, æмæ дын мæнæ Дунеда-
рæджы Кувæндоны къæсæрмæ, тыргътæй
нывондхæссæны ’хсæн, фондз æмæ ссæдз
лæджы лæууы. Сæ чъылдымтæ сарæзтой Ду-
недарæджы Кувæндонмæ, се ’ргом та хурыс-
кæсæнмæ æмæ хурыскæсæнæрдæм хурæн
куывтой. 17Дунедарæг мын загъта: «Уыныс,
адæймаг? Иудейы адæм ацы ран цы ’лгъаг
митæ кæнынц, уыдон сын фаг не сты! Нæ,
фæлæ ма æгас бæстæ байдзаг кодтой фыд-
митæй æмæ Мын ноджы тынгдæр ссыгътой
Мæ маст. Кæс-ма, къалиутæ сæ фындзтæм
куыд схæссынц, уымæ. 18Уыдætты тыххæй
сыл Æз Мæ маст ныххуырсдзынæн. Мæ цæст
сын нæ фæтæригъæд кæндзæн æмæ сын нæ
ныббардзынæн. Хъæрæй Мæм куы дзыназой,
уæд дæр сæ нæ фехъусдзынæн».

**9** Дунедарæг мын нæргæ хъæлæсæй фехъу-
сын кодта: «Ацы сахар бафхæрын кæмæн
бабар чындæуыд, уыдон æрбацæуæнт, алкæй
къухы дæр дзы хъуамæ уа мæлæтхæссæг
хæцæнгарз!»
2Æмæ æз федтон: йе ’ргом цæгатæрдæм
арæзт кæмæн уыд, уыцы уæллаг кулдуары
’рдыгæй æрбацæуынц æхсæз лæджы, алкæй
къухы дæр дзы — марæн гарз. Се ’хсæн ма
уыдис иу лæг, гæн хъуымацæй дарæсы, йæ
астæуыл — нымæрдары фыссæнгарз. Æрба-
цыдысты æмæ æрхуы нывондхæссæны раз
æрлæууыдысты.
3Израилы Хуыцауы кад хæрдмæ ссыди,
цы херувимтыл æнцад, уыдонæй æмæ Ку-
вæндоны къæсæрыл æрлæууыд. Дунедарæг
фæсидти, гæн хъуымацæй дарæс кæуыл
уыд, йæ астæуыл та нымæрдары фыссæн-
гарз, уыцы лæгмæ 4æмæ йын загъта: «Æр-
зил сахарыл, Йерусалимыл, æмæ, цы ’лгъаг
митæ дзы цæуы, уыдоны тыххæй чи дзына-
зы, уыцы хъынцъымгæнæг адæмы ныхтыл
сæвæр нысан». 5Æз фехъуыстон, иннæтæн
цы загъта, уый дæр: «Сымах та цæут йæ фæ-
дыл æмæ адæмы цæгъдут. Уæ цæст сын ма
фæтæригъæд кæнæд æмæ сын ма ныббарут.
6Зæронд лæгæй, лæппуйæ, чызгæй, сабийæ,
сылгоймагæй — се ’ппæты дæр ныццæгъдут,
æрмæст, нысан кæуыл ис, уыдонæй макæмæ
бавналут. Райдайут мæ Кувæндонæй». Æмæ
райдыдтой адæмы хистæртæй, Кувæндоны
раз чи лæууыди, уыдонæй.
7Дунедарæг загъта: «Фæчъизи кæнут Ку-
вæндон. Мæрдтæй йын байдзаг кæнут йæ
кæртытæ, уый фæстæ-иу рацæут». Уыдон
рацыдысты æмæ марын райдыдтой сахары.
8Куы сæ мардтой, уæд æз иунæгæй аззадтæн,
ныддæлгом дæн зæххыл æмæ сдзынæзтон:
«О Дунедарæг Хуыцау! Ау, Дæ маст Йеруса-
лимыл æхххуырсгæйæ, Израилы фæдонтæй
ма чи баззади, æппæт уыдоны бабын кæн-
дзынæ?» 9Уый мын дзуапп радта: «Израил
æмæ Иудейы азым тынг стыр у. Ацы зæхх
тугæй йедзаг у. Сахары мидæг рæстдзинадæн
йæ кой дæр нæй. Афтæ зæгъынц, Дунеда-
рæг, дам, Йæхи атигъ кодта а зæххыл æмæ
ницы уыны. 10Уымæ гæсгæ сын Мæ цæст
нæ фæтæригъæд кæндзæни æмæ сын нæ
ныббардзынæн. Сæ хъуыддæгтæ сын сæхи
ныхмæ фæкæндзынæн».
11Æмæ мæнæ, гæн хъуымацæй дарæс кæ-
уыл уыд, йæ астæуыл та нымæрдары фыс-
сæнгарз, уыцы лæг дзуапп радта: «Куыд мын
бафæдзæхстай, афтæ бакодтон».

**10** Æз федтон: херувимты сæрмæ цы
æрдынæг уыд, уый сæрмæ зынди цыдæр,
сапфирæй конд паддзахы бадæны хуызæн.
2Дунедарæг, гæн хъуымацæй дарæс кæуыл
уыд, уыцы лæгæн загъта: «Цæлхыты ’хсæнты
херувимты бынмæ бацу, херувимты ’хсæнæй
дыуæ армы дзаг зынджытæ райс æмæ сæ
сахарыл фехс». Уыцы лæг мæ разы херу-
вимты бынмæ бацыди. 3Ныр херувимтæ та
лæууыдысты Кувæндоны рахизфарс, æмæ
мидæггаг кæрт æврагъæй байдзаг.
4Дунедарæджы кад йæхи систа херувим-
тæй æмæ æрæнцади Кувæндоны къæсæрыл,
æмæ Кувæндон байдзаг ис æврагъæй, кæрт
та — Дунедарæджы кады тæмæнæй. 5Херу-
вимтæн сæ базырты уынæр хъуысти суанг
æддаг кæртмæ, уыцы уынæр уыдис Æп-
пæтхъомысы хъæлæсы æнгæс, Уый дзургæ
куы фæкæны, уæд. 6Гæн хъуымацæй дарæс
кæуыл уыд, уыцы лæгæн афтæ куы бафæ-
дзæхста, уад-цæлхыты æхсæн, херувимты
астæу цы зынг судзы, уымæй райс, зæгъгæ,
æмæ уый куы бацыд æмæ цалхы раз куы
æрлæууыд, 7уæд херувимтæй иу йæ къух
зынгмæ бадардта, райста уыцы зынгæй
æмæ дзы, гæн хъуымацæй дарæс кæуыл
уыд, уыцы лæгæн йæ æрмтты æрæвæрдта.
Уый райста зынг æмæ рацыди. 8Херувим-
тыл зынди адæймаджы къухты хуызæттæ
сæ базырты бын.
9Æз федтон: херувимты раз лæууы цыппар
цалхы — алы херувимы раз дæр иу цалх —
хризолитау цæхæртæ калдтой.
10Цыппар цалхы дæр уыдысты иухуызон,
цыма иу цалх иннæйы мидæг уыд, уыйау.
11Цæугæ-иу куы кодтой, уæд сæ бон уыди,

херувимтæн се 'ргом кæцырдæм арæзт уыди,
уыцы цыппар фарсæй кæцыфæндыйы 'рдæм
дæр цæуын. Херувимтæ-иу куы сызмæлы-
дысты, уæд-иу цæлхытæ сæ бынаты иннæр-
дæм не 'рзылдысты. Херувимтæ цыдысты,
се 'ргом кæцырдæм арæзт уыди, уыцырдæм,
цæугæ-цæуын фæстæмæ нæ кастысты. 12Сæ
гуыртыл, сæ чъылдымтыл, сæ къухтыл, сæ
базыртыл, сæ цæлхытыл, цыппар цалхыл дæр,
алырдыгæй уыди цæстытæ. 13Уыцы цæлхытæ,
куыд фехъуыстон, афтæмæй схуындæуыди
уад-цæлхытæ. 14Херувимтæй алкæуыл дæр
уыди цыппар цæсгомы: фыццаг цæсгом — хе-
рувимы цæсгом, дыккаг цæсгом — адæйма-
джы цæсгом, æртыккаг — домбайы цæсгом,
цыппæрæм та — цæргæсы цæсгом.
15Херувимтæ хæрдмæ ссыдысты. Уыдон
уыдысты, Кевары доны цур кæй федтон,
уыцы удгоймæгтæ. 16Херувимтæ-иу куы
сызмæлыдысты, уæд-иу цæлхытæ дæр цы-
дысты семæ, херувимтæ-иу сæ базыртæ куы
айтыгътой, зæххæй сæхи хæрдмæ сисыны
охыл, уæд-иу сæ нæ фæхицæн сты цæлхы-
тæ дæр — уыдысты семæ. 17Херувимтæ-иу
куы 'рлæууыдысты, уæд-иу цæлхытæ дæр
лæууыдысты, уыдон-иу сæхи хæрдмæ куы
систой, уæд-иу цæлхытæ дæр хæрдмæ ссы-
дысты, уымæн æмæ цæлхыты мидæг уыдис
удгоймæгты Уд.
18Дунедарæджы кад Кувæндоны къæсæ-
рæй иуварс айста йæхи æмæ æрлæууыди
херувимты сæрмæ. 19Херувимтæ сæ базыр-
тæ айтыгътой æмæ мæ разы сæхи хæрдмæ
систой зæххæй. Куы сызмæлыдысты, уæд
цæлхытæ дæр хæрдмæ ссыдысты семæ. Æр-
лæууыдысты Дунедарæджы Кувæндоны
скæсæйнаг кулдуары цур, æмæ Израилы Ху-
ыцауы кад уыди сæ сæрмæ. 20Адон уыдысты,
Израилы Хуыцауы бадæны бынмæ Кевары
доны цур кæй федтон, уыцы удгоймæгтæ.
Æмæ æз базыдтон, херувимтæ кæй уыдыс-
ты, уый. 21Алкæмæн дæр сæ уыди цыппар
цæсгомы, алкæмæн дæр — цыппар базыры,
базырты бын та адæймаджы къухты хуызæт-
тæ. 22Сæ цæсгæмттæ дæр уыдысты, Кевары
доны цур цы цæсгæмттæ федтон, уыдоны
æнгæс. Алчидæр сæ цыди, йе 'ргом кæдæм
арæзт уыд, уыцырдæм.

**11** Хуыцауы Уд мæ систа æмæ мæ бакодта
Дунедарæджы Кувæндоны скæсæйнаг кул-
дуармæ. Кулдуары цур лæууыди фондз æмæ
ссæдз лæджы. Се 'хсæн сын федтон Аззуры
фырт Иазанийы æмæ Бенайайы фырт Пела-
тиайы, адæмы фæтæгты.
2Дунедарæг мын загъта: «Адæймаджы
фырт! Ацы адæм аразынц фыдвæндтæ, фыд-
былызы уынаффæтæ кæнынц ацы сахары.
3Уыдон зæгъынц, „Хæдзæрттæ аразыны
афон тагъд нæма æрцæудзæн. Ацы сахар у
аг, мах та — дзидза". 4Уымæ гæсгæ пехуым-
париуæг кæн сæ ныхмæ, адæймаджы фырт».
5Дунедарæджы Уд мыл æртыхсти æмæ
мын загъта: «Зæгъ сын: „Афтæ зæгъы Ду-
недарæг: Израилы адæм, Æз уын уæ ны-
хæстæ æмæ уæ хъуыдытæ зонын. 6Сымах
ацы сахары бирæты фæмардтат, йæ уынгтæ
байдзаг сты мæрдтæй. 7Уымæ гæсгæ афтæ
зæгъы Дунедарæг Хуыцау: сахары мидæг кæй
амардтат, уыдон сты дзидза, сахар та — аг.
Фæлæ сымах Æз уырдыгæй ракæндзынæн.
8Кардæй тæрсут, æмæ уæ Æз карды амæттаг
бакæндзынæн, — зæгъы Дунедарæг Хуы-
цау. — 9Сахарæй уæ ракæндзынæн æмæ уæ
æцæгæлæтты къухтæм ратдзынæн, тæрхоны
азар уыл ныххуырсдзынæн. 10Сымах карды
цæфæй амæлдзыстут, Æз уын Израилы зæх-
хыл стæрхон кæндзынæн, æмæ уæд базон-
дзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый. 11Ацы
сахар сымахæн аг не суыдзæн, сымах та дзы
нæ уыдзыстут дзидза. Израилы зæххыл уын
стæрхон кæндзынæн, 12æмæ уæд базондзыс-
тут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый. Уымæн
æмæ Мын сымах Мæ уагæвæрдтæ æмæ Мæ
амындтытæ не 'ххæст кодтат, фæлæ, уæ алы-
варс цы адæмтæ ис, уыдоны æгъдæуттæм
гæсгæ цардыстут"».
13Æз пехуымпариуæг куыд кодтон, аф-
тæ амарди Бенайайы фырт Пелатиа. Уæд
æз зæххыл ныддæлгом дæн æмæ хъæрæй
сдзынæзтон: «О Дунедарæг Хуыцау! Ау, бын-
тондæр бабын кæндзынæ, Израилы адæмæй
ма чи аирвæзти, уыдоны?»
14Дунедарæг мын загъта: 15«Адæймаджы
фырт! Йерусалимы цæрджытæ де 'фсымæр-
тæн, дæ хæстæджытæн æмæ æппæт Израилы
адæмæн дзурынц, Дунедарæгæй, дам, дард
цæрут, ацы зæхх, дам, махæн лæвæрд у ис-
бонæн. 16Фæлæ-иу сын зæгъ: „Афтæ зæгъы
Дунедарæг Хуыцау: кæд сæ æндæр адæмтæм
фæсырдтон æмæ сæ æндæр бæстæтыл ных-
хæлиу кодтон, уæддæр сын Æз Мæхæдæг
Кувæндон уыдзынæн, кæдæм фæцыдысты,
уыцы зæххыты".
17Уый фæстæ-иу зæгъ: „Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы: Æз уæ æрæмбырд кæндзы-
нæн иннæ адæмтæй, раздахдзынæн уæ, цы
зæххытыл ныххæлиу стут, уырдыгæй, æмæ
уын ратдзынæн Израилы зæхх. 18Æмæ куы
æрбаздæхой, уæд ын йе 'лгъæгтæ æмæ йæ

цъаммардзинæдтæ иууылдæр сæ бындзарæй
срæдувдзысты. 19Æз сын иу зæрдæ ратдзы-
нæн, ног уд сын бавæрдзынæн сæ мидæг. Сæ
риуæй сын дур зæрдæ стондзынæн æмæ сын
дзы цардæгас зæрдæ бавæрдзынæн, 20цæ-
мæй Мын æххæст кæной Мæ уагæвæрдтæ,
нымайой æмæ æххæст кæной Ме ’гъдæуттæ.
Уыдон суыдзысты Мæ адæм, Æз та уыдзы-
нæн сæ Хуыцау. 21Фæлæ йæ зæрдæ йе ’лгъаг
гуымирытæ аразынæн чи снывонд кæна,
уыдонæн сæ хъуыддæгтæм гæсгæ бафид-
дзынæн“, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау».

22Херувимтæ сæ базыртæ айтыгътой, æмæ
уыдонимæ сæхи хердмæ систой цæлхытæ
дæр. Израилы Хуыцауы кад уыди сæ сæрмæ.
23Дунедарæджы кад йæхи систа сахарæй
æмæ æрæнцад, сахарæй скæсæнæрдæм цы
хох ис, уый сæрмæ. 24Мæн та Хуыцауы Удæй
лæвæрд цæстылуайæны Уд systa, æмæ мæ
ахаста халдейаг зæхмæ, хаст адæммæ. Ам
мæ цæстылуайæн фæцыдæр ис. 25Уæд хаст
адæмæн радзырдтон, Дунедарæг мын цы
раргом кодта, уый.

**12** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Ды цæрыс хиваст адæмы ’хсæн. Ис
сын цæстытæ уынынæн, фæлæ нæ уынынц,
ис сын хъустæ дæр хъусынæн, фæлæ нæ
хъусынц — хивæнд адæм сты. 3Фæлæ ды,
адæймаг, æрæмбырд кæн дæ дзауматæ дæ
цæрæнбынат аивыны охыл æмæ уыдоны раз
боныгон æрцæр æндæр ран. Чи зоны æмæ
уæд бамбарой, куыд хивæнд сты, уый. 4Боны-
гон-иу дæ дзауматæ уыдоны раз рахæсс, дæ
цæрæнбынат аивыны охыл, изæры та уыдо-
ны раз рацу, хаст адæм куыд рацæйцæуынц,
афтæ. 5Куыд дæ уыной, афтæ-иу къул батон
æмæ-иу дæ дзауматæ къахыры уылты рахæсс.
6Сæ разы-иу дæ уаргъ сæккой кæн æмæ-иу æй
талынджы рахæсс. Дæ цæсгом-иу бамбæрз,
зæхх куыннæ уынай, афтæ, уымæн æмæ дæ
Æз Израилы адæмæн сæвæрдтон нысанæн».

7Æз бакодтон, куыд мын загъдæуыд, афтæ.
Мæ дзауматæ мæ цыма мæ цæрæнбынат аи-
вынæн хъæуынц, афтæ сæ боныгон рахастон,
изæры та мæ къухæй къул батыдтон, адæм
мæ куыд уыной, афтæ сæккой кодтон мæ
уаргъ æмæ йæ изæрдалынгты рахастон.

8Райсомæй мын Дунедарæг загъта:
9«Адæймаджы фырт! Израилы хиваст адæм
дын, мыййаг, нæ дзырдтой, уый цы ми кæ-
ныс, зæгъгæ? 10Зæгъ сын: „Афтæ зæгъы Ду-
недарæг Хуыцау: ацы рагуац у Йерусалимы
хицауы ныхмæ, стæй, уым чи цæры, Изра-
илы уыцы адæмы ныхмæ“.

11Ноджы сын зæгъ: „Уæ нысан æз дæн:
Израилы адæмыл æрцæудзæн, æз цы са-
рæзтон, уый: хаст æрцæудзысты, уацары сæ
акæндзысты. 12Сæ сæргъы цы хицау лæууы,
уый дæр талынджы йе ’ккоймæ сисдзæ-
ни йæ уаргъ æмæ рацæудзæн. Къул батон-
дзысты, цæмæй йæ ууылты ракæной. Уый
бамбæрздзæни йæ цæсгом, æмæ ацы зæхх
йæ цæстытæй нæ фендзæн. 13Æз ыл Мæ
ахсæн хыз баппардзынæн, æрцахсдзынæн
æй æмæ йæ акæндзынæн Вавилонмæ, хал-
дейаг зæхмæ, фæлæ йæ уый нæ фендзæни.
Уым амæлдзæн. 14Йæ алыварс цыдæриддæр
æххуысгæнджытæ ис, уыдон æмæ йын йе
’фсæдтæ æппæт дымгæтæм ныддардзынæн,
фæсте сæм кардæй æвзиддзынæн. 15Алы
бæстæты, алы адæмты ’хсæн сæ куы ных-
хæлиу кæнон, уæд базондзысты, Æз Дунеда-
рæг кæй дæн, уый. 16Æрмæст сын сæ чысыл
хай бахиздзынæн кардæй, стонгæй æмæ
емынæйæ, цæмæй, цы адæмтæм фæцæуой,
уыдонæн се ’лгъаг миты тыххæй радзурой.
Æмæ уæд базондзысты, Æз Дунедарæг кæй
дæн, уый“».

17Дунедарæг та мын загъта: 18«Адæймаджы
фырт! Тæрсгæ-ризгæйæ хæр дæ къæбæр æмæ
катайгæнгæйæ нуаз дæ дон. 19Ацы бæстæ-
йы адæмæн зæгъ: „Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау Йерусалимы цæрджытæн Израилы
адæмы тыххæй: сæ къæбæр тæрсгæ-ризгæйæ
хæрдзысты æмæ сæ дон катайгæнгæ нуаз-
дзысты, уымæн æмæ зæхх йæ цæрджыты
фыдракæндты аххосæй æнæхай фæуыдзæни
йæ бæркадæй. 20Адæмарæх сахартæ ныггæ-
ныстон уыдзысты, зæхх æдзæрæг быдыр
фестдзæн, æмæ уæд базондзыстут, Æз Ду-
недарæг кæй дæн, уый“».

21Дунедарæг мын загъта: 22«Адæймаджы
фырт! Уый уæм цавæр æмбисонд фæзынд
Израилы зæххыл, дзæвгар рæстæджы фæс-
тæ цæстылуайæнтæ нал уыдзæни, зæгъгæ?
23Израилы адæмæн зæгъ: „Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы: Æз кæрон скæндзынæн уыцы
æмбисондæн, æмæ йæ ничиуал дзурдзæн
Израилы адæмæй“. Ноджы сын зæгъ: „Алы
цæстылуайæнæн дæр йæ сæххæсты афон
æрхæстæг. 24Уымæн æмæ Израилы адæмы
’хсæн мæнг цæстылуайæнтæ æмæ фæлывд
рагуацтæ нал уыдзæн. 25Афтæ зæгъын Æз,
Дунедарæг, æмæ Мæ ныхас сæххæст уыдзæн,
аргъæвæн ын нал ис. Хиваст адæм, сымах за-
маны загътон Æз Мæ ныхас, æмæ йæ сæххæст
кæндзынæн“», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

26Дунедарæг мын загъта: 27«Адæймаджы
фырт! Израилы адæм дзурынц дæуæй: „Цы

цæстылуайæн федта, уый сæххæст уыдзæн
дзæвгар рæстæджы фæстæ, пехуымпари-
уæг дард фидæны тыххæй кæны“. 28Уымæ
гæсгæ сын зæгъ: „Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: Мæ ныхæстæй иу дæр дарддæр нал
аргъæвдзынæн. Цы зæгъон, уый сæххæст
уыдзæн“», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**13** Дунедарæг мын загъта: 2Адæймаджы
фырт! Израилы пехуымпарты, хивæндæй
рагуацтæ чи дзуры, уыдоны ныхмæ пехуым-
париуæг кæн. Зæгъ сын: «Байхъусут Дунеда-
рæджы ныхасмæ! 3Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: додой сæ къона æнæзонд пехуым-
партæн, ницы йын раргом ис, афтæмæй йæхи
зондæй пехуымпариуæг чи кæны, уыдонæн!
4Дæ пехуымпартæ, Израил, — хæлддзæгты
’хсæн хъæддаг куыйтæ! 5Сымах, сахары быру
кæм ракæлы, уыцы рæттæм нæ цыдыстут
æмæ сæ нæ амадтат, цæмæй Дунедарæджы
тæрхоны Бон, тохы бон, фидар лæууа Изра-
илы адæмы хъахъхъæнæн быру. 6Сæ цæсты-
луайæнтæ мæнг сты, сæ рагуацтæ — фæлывд.
Уыдон дзурынц, Дунедарæг загъта, зæгъгæ,
фæлæ сæ Дунедарæг нæ рарвыста, афтæмæй
зæрдæ бавæрынц, нæ дзырд, дам, сæххæст
уыдзæн. 7Уæ цæстылуайæн — мæнг, уæ ра-
гуац дæр — фæлывд! Сымах дзурут: „Уый
Дунедарæг загъта“, афтæмæй та Æз нæ загъ-
тон. 8Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: Мæнг ныхæстæ кæй кæнут æмæ
фæлывд цæстылуайæнтæ кæй уынут, уый
тыххæй Æз сыстдзынæн уæ ныхмæ. 9Мæ къух
сисдзынæн, мæнг цæстылуайæнтæ чи уыны
æмæ фæлывд рагуацтæ чи дзуры, уыцы пе-
хуымпартæм. Уыдон Мæ адæмы ’хсæн нал
уыдзысты, Израилы адæмы хыгъды фыст
не ’рцæудзысты æмæ Израилы зæхмæ нæ
бацæудзысты. Уæд базондзыстут, Æз Ду-
недарæг Хуыцау кæй дæн, уый. 10Уымæн
æмæ Мын уыдон Мæ адæмы раст фæндагæй
здахынц æмæ сын фарнæй ныфс æвæрынц,
афтæмæй та фарнæн йæ кой дæр нæй. Мæ
адæм тæссонд быру куы самайынц, уæд æй
адон рацæгъдынц чъырæй».
11Чъырæйцæгъдджытæн фехъусын кæн,
быру, зæгъ, рæхджы афæлдæхдзæн. Рацæу-
дзæни тыгъдызæй, дуртау æркæлдзæн их
æмæ уаддым ныппырх кæндзæни уыцы
быру. 12Уæд дзуапп æрдомдзысты сымахæй,
уæ чъырæйцагъд цы фæци, зæгъгæ.
13Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Мæ
фыр мæстæй уыл ныххуырсдзынæн уад-
дым, тыгъдызæй æмæ их дуртæ, æмæ уæ
бабын кæндзынæн. 14Фехалдзынæн, чъырæй
цы быру сцагътат, уый, йæ бындурæй йæ
афæлдахдзынæн зæххыл. Уый куы афæл-
дæха, уæд йемæ бабын уыдзыстут сымах
дæр, æмæ уæд базондзыстут, Æз Дунедарæг
кæй дæн, уый. 15Мæ маст ныххуырсдзынæн
быруйыл æмæ, чъырæй йæ чи сцагъта, уы-
доныл. Уæд уын зæгъдзынæн: нал ис быру,
нал сты, чъырæй йæ чи сцагъта, уыдон дæр,
16Израилы пехуымпартæ, Йерусалимæн пе-
хуымпариуæг чи кодта æмæ йын, фарнæн
йæ кой дæр нæ уæвгæйæ, фарн ис, зæгъгæ,
йæ цæстылуайæнтæ чи дзырдта, уыдон», —
зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
17Адæймаджы фырт! Израилы сылгоймæг-
тæм, хивæндæй пехуымпариуæг чи кæны,
уыдонмæ де ’ргом фездах æмæ сæ ныхмæ
пехуымпариуæг кæн. Зæгъ сын: 18«Афтæ
зæгъы Дунедарæг Хуыцау: додой сæ къона,
сæ дæлæрмтты дарынæн дæсныфæрсæн
дзæкъултæ чи хуыйы æмæ адæмы ахсынæн
сæрæмбæрзæнтæ чи аразы! Афтæ æнхъæл
стут, æмæ Мын Мæ адæмыл цуан куы кæнат,
уæд уымæй уæ удтæ фервæзын кæндзыстут?
19Мæ адæмы раз Мæ фегад кодтат, уымæн
æмæ армыдзаг хъæбæрхор æмæ дзулы къæ-
бæры тыххæй мæлæты амæттаг бакæнут,
мæлгæ чи хъуамæ ма акæна, уыдоны æмæ
цæргæйæ ныууадзут, цæрыны аккаг чи нæу,
уыдоны. Афтæмæй фæливут, уæ мæнг ны-
хæстæм уын чи хъусы, уыцы адæмы». 20Уы-
мæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау:
«Уæ дæлæрмттæй уын раскъæфдзынæн уæ
дæсныфæрсæн дзæкъултæ, уымæн æмæ уы-
доны фæрцы цуан кæнут адæмыл, цæмæй
хауой уæ ахсæн хызты, æмæ сæ Æз ссæ-
рибар кæндзынæн. 21Уæ сæрæмбæрзæнтæ
уын аскъуыдтæ кæндзынæн, Мæ адæмы уæ
къухтæй фервæзын кæндзынæн, æмæ уæ
амæттаг нал уыдзысты. Уæд базондзыстут,
Æз Дунедарæг кæй дæн, уый. 22Уæ фæли-
вæнтæй рæстгæнæджы кæй æфхæрут, Æз
æй æфхæринаг нæ уыдтæн, афтæмæй, æмæ
æнаккагыл фæстæмæ кæй хæцут, ома йе
’нæуаг митæ ма ныууадза æмæ йæ уд ма
фервæза, зæгъгæ, 23уый тыххæй сымах уæ
мæнг цæстылуайæнтæ нал уындзыстут æмæ
пехуымпариуæг нал кæндзыстут. Мæ адæмы
уын Æз уæ къухтæй фервæзын кæндзынæн,
æмæ уæд базондзыстут, Æз Дунедарæг кæй
дæн, уый».

**14** Израилы хистæртæ мæм цалдæр лæгæй
æрбацыдысты æмæ мæ разы æрбадтыс-
ты. 2Дунедарæг мын загъта: 3«Адæймаджы
фырт! Ацы адæм сæ зæрдæ сæ гуымирытæн

куы снывонд кодтой, фыдракæндтæ ара-
зыныл сæ чи æфтауы, уыдоны сæ рæбинаг
куы бакодтой, уæд ма сын Æз цавæр дзуапп
хъуамæ раттон? 4Уымæ гæсгæ сын фехъусын
кæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: Изра-
илы адæмæй исчи йæ зæрдæ гуымирытæн
куы снывонд кæна, фыдракæндтæ аразы-
ныл æй чи æфтауы, уыдоны йæ рæбинаг
куы бакæна æмæ афтæмæй пехуымпармæ
дзуапп курæг куы бацæуа, уæд ын Æз уый
бæрц гуымирытимæ цавæр дзуапп хъуа-
мæ раттон? 5Израилы адæм бамбарæнт, сæ
гуымирыты аххосæй Мын æцæгæлæттæ
кæй систы, уый“.
6Уымæ гæсгæ Израилы адæмæн фехъу-
сын кæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау:
уæ гуымирытæй уе ’ргом аздахут æмæ уе
’ппæт æлгъаг митæ ныууадзут. 7Уымæн æмæ
Израилы адæмæй æмæ се ’хсæн цæрæг æр-
цæуæггæгтæй исчи Мæнæй йе ’ргом куы
аздаха æмæ гуымирытыл æнувыд куы суа,
йæ фыдбылызæн тæригъæды куы бафта æмæ
афтæмæй пехуымпармæ куы ’рбацæуа, Мæ-
нæй дзы дзуапп ракурыны охыл, уæд уымæн
Æз, Дунедарæг, цавæр дзуапп хъуамæ раттон?
8Æз Ме ’ргом уыцы адæймаджы ныхмæ са-
раздзынæн æмæ йын йæ кой æмбисондæн
куыд хæссой, ахæм ми йын бакæндзынæн.
Мæ адæмы ’хсæнæй фæхъæудзæн, æмæ уæд
базондзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.
9Пехуымпар сайды куы фæуа, æмæ йын цы-
ма Æз, Дунедарæг, афтæ бацамыдтон, уыйау
уыцы адæймагæн исты куы зæгъа, уæд пе-
хуымпармæ дæр Мæ къух сисдзынæн, Мæ
адæмы, Израилы ’хсæнæй йæ фесафдзынæн.
10Сæ дыууæ дæр фæазымджын уыдзысты:
дзуапп курæджы азым цас уа, уыйас уы-
дзæни пехуымпары азым дæр, 11цæмæй Из-
раилы адæм Мæнæй се ’ргом мауал аздахой,
сæ фыдракæндтæй сæхи мауал фæчъизи
кæной, фæлæ суой Мæ адæм, Æз та уон сæ
Хуыцау“», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
12Дунедарæг мын загъта: 13«Адæймаджы
фырт! Искæцы зæхх Мæ разы куы фæтæри-
гъæдджын уа, йæ зæрдæ Мыл куы сива æмæ
йæм Æз Мæ къух куы сисон, йæ хойраг ын
куы скуынæг кæнон æмæ йыл стонг заман
куы бафтауон, йæ адæмы дæр æмæ йын йæ
фос дæр сафын куы байдайон, 14æмæ уыцы
зæххыл мæнæ ацы æртæ лæджы куы разы-
ной — Ной, Даниил æмæ Иов, уæд уыдон дæр
сæ рæстады фæрцы фервæзын кæндзысты
æрмæстдæр сæхи удтæ, — зæгъы Дунедарæг
Хуыцау. — 15Кæнæ уыцы зæхмæ тугдзых
сырдтæ куы барвитин, цæмæй йын уыдон
йæ сывæллæтты бабын кæной, куы сафтид
уаид æмæ дзы сырдты тæссæй цъиуызмæлæг
куынæуал уаид, 16уæд, сомы кæнын Мæхи-
цæй, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — ацы
æртæ лæджы нæдæр сæ фыртты фервæзын
кодтаиккой, нæдæр сæ чызджыты, фæлæ
æрмæстдæр сæхи удтæ, зæхх та æдзæрæг
быдыр фестадаид.
17Кæнæ Æз уыцы зæхх карды амæттаг куы
бакодтаин æмæ бардзырд куы раттаин: „Мæ-
нæ кард, ацы зæххыл ацу!“, адæмæй, фосæй
сæ куы ныццагътаин, 18уæд, сомы кæнын
Мæхицæй, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, —
ацы æртæ лæджы нæдæр сæ фыртты, нæдæр
сæ чызджыты фервæзын кодтаиккой — сæхи
удтæ æрмæстдæр.
19Кæнæ уыцы зæххыл емынæ куы ных-
хуырстаин, фыр мæстæй дзы туджы зæйтæ
куы ауагътаин, адæм æмæ фосы туг калгæ-
йæ, 20уæд, сомы кæнын Мæхицæй, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау, — уыдоны ’хсæн Ной,
Даниил æмæ Иов нæдæр сæ фыртты фер-
вæзын кодтаиккой, нæдæр сæ чызджыты.
Сæ рæстады фæрцы фервæзын кодтаиккой
æрмæстдæр сæ удтæ.
21Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: Мæ цып-
пар æфхæрды — кард, стонг, тугдзых сырдтæ
æмæ емынæ — куы ныххуырсон Йерусалимыл,
йæ адæм æмæ йын йæ фосы куы ныццæгъдон,
22уæд ма йæ фырттæ æмæ йæ чызджытæй
аирвæздзысты иуæй-иутæ, æмæ сæ уырдыгæй
рахуындæуыдзæн. Уыдон уæм рацæудзысты,
æмæ сын сымах фендзыстут сæ уаг æмæ сæ
хъуыддæгтæ, æмæ уæд, Йерусалимыл цы
бæллæхтæ ныххуырстон, уыдоны тыххæй
маст нал кæндзыстут. 23Адон фæрцы басабыр
уыдзыстут, сæ уаг æмæ сæ хъуыддæгтæ сын
куы фенат, уæд, æмæ базондзыстут, Йеруса-
лимæн æппæт уыдæттæ хуымæтæджы кæй нæ
бакодтон, уый», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**15** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Сæнæфсир бæлас хъæды æппæт бæ-
лæстæй цæмæй хуыздæр у, йæ къалиутæ
дæр цас хуыздæр сты? 3Исты дзаумайæн
дзы лыггаг райсынц, мыййаг? Зæгъæм, къæ-
бæлæн — исты йыл æрцауындзынмæ? 4Нæ,
фæлæ арты сыгъд æрцæуы. Йæ дыууæ кæро-
ны куы бавзалы вæййынц æмæ йæ астæуыл
арт куы сирвæзы, уæд ма цæмæн фæбæззы?
5Æнæхъæн куы уыд, уæд дæр куы ницæмæн
бæззыд, уæд ма, арт æй куы аныхъуырдта
æмæ куы бавзалы ис, уæд цæмæн бæззы?
6Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг Ху-
ыцау: хъæды бæлæсты ’хсæн сæнæфсир

бæласы зæнг арты куыд басыгътон, афтæ
Йерусалимы цæрджыты дæр арты басудз-
дзынæн. 7Ме ’ргом сæ ныхмæ сараздзынæн,
æмæ иу артæй раирвæздзысты, фæлæ сæ
иннæ арт аныхъуырдзæн, æмæ сымах базон-
дзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый — Ме
’ргом сæ ныхмæ куы саразон, уæд. 8Æз ацы
зæхх федзæрæг кæндзынæн, сæ зæрдæ Мыл
кæй сивтой, уый тыххæй», — зæгъы Дуне-
дарæг Хуыцау.

**16** Дунедарæг мын загъта: 2Адæймаджы
фырт! Йерусалимæн йе ’лгъаг митæ йæ цæст-
мæ бадар. 3Зæгъ сын: «Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы Йерусалимæн: ды сæнтыстæ
æмæ райгуырдтæ Ханааны зæххыл. Дæ фыд
амораг у, дæ мад та — хеттаг. 4Цы бон рай-
гуырдтæ, уыцы бон дын дæ бикъ дæр нæ
ралыг кодтой, донæй дæр дæ нæ цæхсадтой,
не ссыгъдæг кодтой, цæхххæй дæр дæ нæ
байсæрстой, хæцъилты дæр дæ нæ батыхтой.
5Ничи дын фæтæригъæд кодта, цæмæй дын
адæттæй исты сараза. Аппæрстой дæ тыгъд
быдыры дæ райгуырды бон, уымæн æмæ дыл
æлгъ кодтой. 6Æз рацæйцыдтæн дæ цурты
æмæ дæ туджы мæцгæ куы федтон, уæд дын
загътон: „Кæд дæ туджы мæцыс, уæддæр
цæр!“ О, афтæ дын загътон: „Кæд дæ туджы
мæцыс, уæддæр цæр!“ 7Сбирæ дæ кодтон
быдыры кæрдæгау. Ды байрæзтæ, сыстыр
дæ æмæ дæ хуыз скалдтай. Дæ риутæ фæбæ-
рæг сты, дæ дзыкку æрдаргъ, фæлæ уыдтæ
мадард бæгънæг. 8Æз дæ цурты рацæйцыд-
тæн æмæ федтон, дæ афон кæй æрцыди, дæ
уарзты афон, уый. Уæд Æз дæ сæрмæ Мæ
уæлæфтау айтыгътон, дæ бæгънæг буар дын
æрæмбæрзтон, расомы дын кодтон æмæ
демæ сарæзтон фидыд, — зæгъы Дунедарæг
Хуыцау, — æмæ Мæн сдæ. 9Æз дæ донæй
цæхсадтон, дæ тугтæ дын æрæхсадтон æмæ
дæ оливæйы сойæ байсæрстон. 10Уый фæс-
тæ дын дæ уæлæ скодтон нывæфтыд дарæс,
дæ къæхтыл — гогырæ сæракæй дзабыртæ,
дæ астæу дын æрбатыхтон гæн хъуымацæй,
зæлдагæй дæ æрæмбæрзтон. 11Рæсугъд дæ
сфæлыстон, дæ къухтыл дын бакодтон цонг-
дарæнтæ, дæ хъуырыл та фæрдгуытæ. 12Дæ
фындзыл дын бакодтон цæг, дæ хъустыл —
хъусцæджытæ, дæ сæрыл та дын æркодтон
рæсугъд кады худ. 13Дæхи-иу сфæлыстай
сыгъзæрин æмæ æвзистæй; лыстæг гæнæй,
зæлдаг æмæ нывæфтыд хъуымæцтæй уыди
дæ дарæс. Хордтай æвзаргæ ссадæй конд
дзул, мыд æмæ оливæйы сой. Уыдтæ æвæ-
джиауы рæсугъд, æмæ дын бантысти суанг
паддзах суын дæр. 14Дæ рæсугъды кой ай-
хъуысти адæмтыл, уымæн æмæ дыл Æз цы
аив фæлыст скодтон, уый мидæг æнæкъæм
уыди дæ рæсугъддзинад, — зæгъы Дунеда-
рæг Хуыцау.
15Фæлæ ды, рæсугъд кæй дæ, ууыл зæрдæ
дардтай æмæ, дæ намысæй пайдагæнгæйæ,
райдыдтай хæтын. Дæ цурты-иу чидæрид-
дæр рацæйцыд, уыдонимæ хъахбай митæ
кодтай. 16Дæ дарæстæ райстай æмæ дзы
дæхицæн сарæзтай хæзгулрæвдауæн къуы-
быртæ, æмæ уымыты хъахбай митæ кодтай
дæ хæзгултимæ; ахæм хабар уымæй размæ
никуыма æрцыд, стæй сомбоны дæр нал æр-
цæудзæн. 17Ды райстай, Æз дын кæй радтон,
уыцы фæлындæнтæ, Мæ сыгъзæрин æмæ
Ме ’взистæй конд, дæхицæн дзы скодтай
нæлгоймаджы сурæттæ æмæ хъахбай ми-
тæ кодтай семæ. 18Райстай дæ нывæфтыд
дарæстæ дæр æмæ дзы уыдоны сфæлыстай.
Сæ разы-иу сын æрæвæрдтай Мæ сой æмæ
Мæ буд. 19Цы хойраг дын лæвæрдтон, цы
æвзаргæ ссадæй конд дзул, оливæйы сой
æмæ дæ мыдæй хастон, уыдон дæр-иу сын
сæ разы æрæвæрдтай æхцон хæрздæфы охыл.
Афтæ уыди уый, — зæгъы Дунедарæг Хуы-
цау. — 20Цы фырттæ æмæ Мын чызджытæ
ныййардтай, уыдоны-иу сын нывондæн
æрхастай, цæмæй сæ уыдон аныхъуырой.
Хъахбай кæй уыдтæ, уый дын æгъгъæд нæ
уыди, 21фæлæ-иу Мын Мæ цоты дæр аргæвс-
тай æмæ-иу сæ арты нывондæн æрхастай
гуымирытæн! 22Де ’лгъаг æмæ хъахбай митæ
кæнгæйæ, никуы æрымысыдтæ, де ’взонджы
бонты мадард бæгънæг кæй уыдтæ æмæ дæ
туджы кæй мæцыдтæ, уый.
23Сар дæ сæр кæны де ’ппæт фыдракæнд-
ты фæстæ! — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. —
24-25Ды дæхицæн сарæзтай хъахбайдзинады
къуыбыртæ — алы фæз æмæ алы тигъыл, фе-
гад кодтай дæ рæсугъддзинад. Дæ цурты-иу
чидæриддæр рацæйцыди — дæ къæхтæ-иу
ныххæлиу кодтай, æмæ афтæмæй сбирæ сты
дæ хъахбай митæ. 26Ды æнæуаг митæ кодтай
мысырæгтимæ, дæ сыхаг уæйыгæнгæс адæ-
мимæ, дæ хъахбай митæ сбирæ сты, æмæ Мæ
смæсты кодтай. 27Æмæ Дæм мæнæ Æз Мæ
къух систон, дæ зæххы хай дын фæкъаддæр
кодтон æмæ дæ радтон, æнæуынон кæмæн
уыдтæ, уыцы филистимаг чызджыты къух-
тæм, фæлæ суанг уыдон дæр фефсæрмы
сты де ’нæуаг митæй. 28Ассириæгтимæ дæр
хъахбай митæ кодтай, уымæн æмæ æфсис
нæ зыдтай, фæлæ дын уый дæр фаг нæ уыди.
29Ханааны зæххæй халдейаг зæххы онг бирæ

хъахбай митæ фæкодтай, фæлæ дын уым
дæр бафсис нал уыди. 30 Дæ монцты арты
куыннæ басыгъдтæ, æппæт уыдæттæ куы
кодтай, уæд, æнæфсис хъахбай! — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау. — 31 Алы фæз æмæ алы
тигъыл дæхицæн хæзгулрæвдауæн къуы-
быртæ куы сарæстай, уæд ды хæтаг сылы
хуызæн нæ уыдтæ, уымæн æмæ лæвæрттæ
нæ истай. 32 Ды-иу хъахбай сылау суазæг
кодтай æцæгæлæтты. 33 Хæтаг сылтæн лæ-
вæрттæ фæкæнынц, ды та дæхæдæг кодтай
лæвæрттæ де ’ппæт хæзгултæн, æмæ-иу сæ
афтæмæй балхæдтай, цæмæй дæм алырды-
гæй цæуой æмæ демæ æнæуаг митæ кæной.
34 Хæтаг сылтæй фыддæр фæдæ: дæ фæдыл
ничи зылд æмæ дын лæвæрттæ ничи кодта.
Ды дæхæдæг кодтай лæвæрттæ, иннæ хæтаг
сылты хъауджыдæр.

35 Уымæ гæсгæ, хъахбай сыл, æрбайхъус
Дунедарæджы ныхасмæ! 36 Афтæ зæгъы Ду-
недарæг Хуыцау: де ’фсарм кæй бахордтай
æмæ, æнæуаг митыл бафтгæйæ, дæ хæзгултæ
æмæ де ’ппæт гуымирытимæ хъахбай митæ
кæй кодтай, дæ цоты сын нывондæн кæй хас-
тай, 37 уый тыххæй дын Æз æрæмбырд кæн-
дзынæн де ’ппæт хæзгулты дæр, дæхи кæмæй
рæвдыдтай æмæ кæй уарзтай, уыдоны, стæй,
де сæфт кæмæй уыдтай, уыдоны. Алыр-
дыгæй дæм сæ æрбакæндзынæн æмæ дæ
фæаллайаг кæндзынæн сæ разы, æмæ дын
уыдон дæ худинагмæ кæсдзысты. 38 Æз дæ-
уæн, хъахбай устытæ æмæ туг ныккалджытæ
цы тæрхоны аккаг сты, ахæм тæрхон ра-
хæсдзынæн — фыр мæстæй судзгæйæ æмæ
зæрдæхсайгæйæ Æз дæу тугкалæн мæлæты
амæттаг бакæндзынæн. 39 Ратдзынæн дæ
знæгты къухтæм, æмæ дын уыдон фехал-
дзысты дæ хæзгулрæвдауæн къуыбыртæ,
ныппырх дын кæндзысты дæ уаз къуыппытæ,
дæ уæлæйæ дын раппардзысты дæ дарæстæ,
байсдзысты дын дæ фæлындæнтæ æмæ дæ
ныууадздзысты мадард бæгънæгæй. 40 Уый
фæстæ дæ ныхмæ æрæмбырд кæндзысты
адæмы, æмæ дæ уыдон амардзысты дуртæй
æмæ дæ акъæртт кæндзысты сæ кæрдтæй.
41 Дæ хæдзæрттæ дын басудздзысты æмæ
дын стæрхон кæндзысты бирæ сылгоймæгты
раз. Афтæмæй кæрон скæндзынæн дæ хъах-
бай митæн, æмæ лæвæрттæ нал уардзынæ.
42 Уæд дæм Мæ маст ссæудзæни. Мæ зæрдæ
дæм нал æхсайдзæн, æмæ æрсабыр уыдзы-
нæн, нал мæсты кæндзынæн. 43 Фæлæ, де
’взонджы бонтæ кæй не ’рымысыдтæ æмæ
Мæ æппæт адæттæй кæй мæсты кодтай,
уый тыххæй дын Æз дæ митæ дæхи ныхмæ
фæкæндзынæн, цæмæй де ’ппæт æлгъæгты
фæстæ æнæфсарм митæ мауал кæнай, — зæ-
гъы Дунедарæг Хуыцау.

44 Æмбисæндтæй чи фæдзуры, уый зæгъ-
дзæни дæуæй: „Чызг — йæ мады халдих“.
45 Ды фæдæ дæ мады ’рдæм — йæ мой æмæ
йæ сабиты чи ныууагъта. Ноджы ма фæдæ дæ
хоты ’рдæм — сæ сæрыхицæутты æмæ сæ са-
биты чи ныууагъта. Дæ мад хеттаг у, дæ фыд
та — амораг. 46 Дæ хистæр хо у Самари, йæ
чызджытимæ цæры дæ галиуфарс, дæ кæс-
тæр хо та у Содом, йæ чызджытимæ цæры дæ
рахизфарс. 47 Фæлæ уыдоны æлгъаг митау нæ
уыдысты дæ митæ, уыдæттæ дын фаг нæ уы-
дысты, ды уыдонæй фæфыддæр дæ. 48 Сомы
кæнын Мæхицæй, — зæгъы Дунедарæг, — Ды
дæ чызджытимæ цытæ кодтай, уыдæттæ дæ
хо Содом нæдæр йæхæдæг кодта, нæдæр сæ
йæ чызджытæ кодтой. 49 Мæнæ дæ хо Содом
æмæ йæ чызджыты азым: хъал, фырæфсæст
æмæ æвдæлон. Дæ хо никуы баххуыс кодта
мæгуыр æмæ гæвзыккæн. 50 Схъал сты æмæ
Мæ разы æлгъаг митæ кодтой, æмæ Æз уы-
дæттæ куы федтон, уæд сыл Мæхи атигъ
кодтон. 51 Самарийы тæригъæдтæ дæр дæу
тæригъæдтæн се ’мбисы бæрц нæ баисты.
Де ’лгъаг митæй амбылдтай дæ хоты, æмæ,
ды цы ’лгъаг митæ кодтай, уыдоны раз дæ
хотæ дæуæй растдæр разындысты. 52 Уæдæ
хæсс дæ худинаджы гакк. Дæ хотæн уы-
цы хорзы бацыдтæ, æмæ дæхи уыдонæй
тынгдæр фæаллайаг кодтай дæ тæригъæдты
фæрцы, уымæ гæсгæ дæ хотæ дæуæй раст-
дæр разындысты. Уæдæ дæ цæсгом судзæд
æфсæрмæй, æмæ хæсс дæ худинаджы гакк,
дæ хотæ та сраст уæнт.

53 Фæлæ Æз аивдзынæн Содом æмæ йæ чыз-
джыты хъысмæт, Самари æмæ йæ чызджы-
ты хъысмæт, стæй уыдонимæ дæ хъысмæт
дæр, 54 цæмæй хæссай дæ худинаджы гакк
æмæ фефсæрмы уай, цыдæриддæр ракод-
тай, уыдæттæй, адонæн та суай ныфсы хос.
55 Дæ хотæ — Содом æмæ йæ чызджытæ, стæй
Самари æмæ йæ чызджытæ, раздæры заман
куыд уыдысты, афтæ суыдзысты фæстæмæ.
Ды дæр дæ чызджытимæ раздæры хуызæн
суыдзынæ. 56 Дæ хъал бонты заман дæ хо Со-
домæн йæ кой дæр никуы скодтай, 57 фæлæ
уалынмæ раргом сты де ’наккаг хъуыддæгтæ,
æнæуынон кæмæн уыдтæ, уыцы арамейаг
чызджытæ æмæ сæ алыварс цæрджытæ, стæй
филистимаг чызджытæ дæуæн алырдыгæй
фидистæ куы кодтой, уæды заманау. 58 Де
’нæуаг æмæ де ’лгъаг миты тыххæй адæттæ
æвзарыс, — зæгъы Дунедарæг.

59 Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: Æз дын
дæ хъуыддæгтæм гæсгæ бафиддзынæн: Мæ
сомыйыл Мын дæхи атигъ кодтай æмæ фе-
хæлдтай нæ фидыд. 60 Фæлæ Æз æрхъуыды
кæндзынæн, де 'взонджы бонты демæ цы
фидыд саразтон, уый æмæ та демæ ногæй
сфидар кæндзынæн Мæ фидыд — мыггаг-
мæйы фидыд. 61 Æмæ æрымысдзынæ дæ
митæ æмæ ныфсæрмы уыдзынæ, дæ хоты
хистæрæй, кæстæрæй дæхимæ куы æрбакæ-
най æмæ сæ дæуæн чызджытæн куы раттон,
уæд. Æцæг, уый нæ фыццаг фидыды фæрцы
нæ уыдзæн. 62 Æз та демæ ногæй сфидар
кæндзынæн Мæ фидыд, æмæ уæд базон-
дзынæ, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый. 63 Æз
дын ныббардзынæн, цыдæриддæр ракодтай,
уыдæттæ, æмæ сæ уæд æрымысдзынæ æмæ
ныфсæрмы уыдзынæ, æмæ фыр æфсæрмæй
дæ дзых байгом кæнын дæр нал бафæраз-
дзынæ», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**17** Дунедарæг мын загъта: 2 «Адæймаджы
фырт! Израилæгтæн зæгъ уыци-уыци, радзур
сын æмбисонд. 3 Зæгъ сын: Дунедарæг Хуы-
цау афтæ зæгъы: стыр цæргæс, фæтæнбазыр,
даргъсис, хъуынджын æмæ хъулон, æрба-
тахти Ливанмæ æмæ кедры цъупп стыдта.
4 Æвзонг къалиутæн ратыдта сæ уæллагдæр
æмæ йæ ахаста сæудæджерты зæхмæ, сæу-
дæджертæн сæ сахармæ. 5 Уый фæстæ уыцы
зæххы мæрæй систа нæмыг æмæ йæ ныс-
сагъта бæзнаг мæры, стыр доны былгæрон,
донхæрис садзæгау. 6 Уый сырæзт æмæ сси
сæнæфсир бæлас, уæрæхкъабуз æмæ ныллæг,
йæ къалиутæ æртасыдысты цæргæсы 'рдæм,
йæ уидæгтæ дæр уыдысты цæргæсæн йæ
базырты бын. Афтæмæй сæнæфсир бæлас
суагъта талатæ æмæ фæйнæрдæм айтыгъта
йæ къалиутæ. 7 Ноджы ма уыд æндæр стыр
цæргæс дæр, фæтæнбазыр æмæ хъуынджын.
Æмæ йæм ацы сæнæфсир бæлас аздæхта йæ
уидæгтæ æмæ йæм айвæзта йæ къалиутæ.
Кæм æй ныссагъдæуыд, уыцы бынат ын цас
дон лæвæрдта, уымæй фылдæр ын лæвæрдта
цæргæс. 8 Бæлас ныссагъдæуыд бæзнаг мæры,
стыр доны былгæрон, цæмæй айтындза йæ
къалиутæ æмæ радта дыргъ — суа диссаджы
сæнæфсир бæлас. 9 Израилæгтæн фехъу-
сын кæн: Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы:
„Цы 'нхъæлмæ кæсы уыцы бæласмæ? Йæ
бындзарæй йæ срæдувдзысты, йæ дыргътæ
йын æртондзысты, æмæ бахус уыдзæни.
Цы 'взонг талатæ суагъта, уыдон иууылдæр
бахус уыдзысты. Уый йæ бындзарæй стоны-
нæн стыр хъару æмæ бирæ адæмы сæр нæ
бахъæуыдзæн. 10 Фæлæ йæ кæд ныссагъдæуыд,
уæддæр ын ницы бантысдзæн. Бахуыскъ
уыдзæни, куыддæр ыл скæсæйнаг дымгæ
æрбадыма, афтæ. Бахуыскъ уыдзæни, цы
бынаты æрзад, уым“».
11 Дунедарæг мын загъта: 12 «Æгоммæгæс
адæмы бафæрс, уый цы нысан кæны, уый,
зæгъ, нæ зонут? Афтæ сын зæгъ: „Мæнæ
Вавилоны паддзах æрбацыд Йерусалим-
мæ, æрцахста паддзахы æмæ йæ дæлдæрты
æмæ сæ акодта йæхимæ, Вавилонмæ. 13 Ныр
паддзахы мыггагæй та равзæрста æндæры,
йемæ саразта фидыд æмæ йын ард бахæрын
кодта. Стæй йемæ акодта уыцы бæстæйы
тыхджынты, 14 цæмæй йын уыцы паддза-
хад уа коммæгæс æмæ йæхиуыл дæр мауал
схæца, йæ фидыд дæр ма фехала. 15 Фæлæ
уыцы паддзах йæ ныхмæ сыстад. Мысырмæ
арвыста минæвæрттæ, цæмæй йын раттой
бæхтæ æмæ бирæ адæм. Æцæг ын ницы
бантысдзæн. Нæ аирвæздзæн, уыдæттæ чи
аразы, уый. Йæ фидыд чи фехæлдта, уый
куыд хъуамæ аирвæза?“» 16 «Сомы кæнын, —
зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — уый амæлдзæни,
паддзахæй йæ чи сæвæрдта, уыцы паддза-
хы сахары, Вавилоны, уымæн æмæ ахызт
йæ ардбахæрды сæрты æмæ фехæлдта йæ
фидыд. 17 Фараон йе стыр хъомыс æмæ йæ
бирæ адæмимæ йæ фарсмæ не 'рбалæудзæн,
бирæты ныццæгъдыны охыл ууыл æрхъула
кæнынæн сыджытбыру куы самадæуа æмæ
хæцæн мæсыг куы саразтæуа, уæд. 18 Уый
ахызт йæ ардбахæрды сæрты æмæ фехæлдта
йæ фидыд, радта дзырд æмæ йæ нæ сæххæст
кодта. Гъемæ нæ аирвæздзæн».
19 Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг Ху-
ыцау: «Сомы кæнын! Мæ ардбахæрды сæрты
Мын кæй ахызт æмæ Мын Мæ фидыд кæй
фехæлдта, уый тыххæй йыл йæ азым ных-
хуырсдзынæн. 20 Мæ ахсæн хыз ыл баппар-
дзынæн, æмæ бахаудзæн Мæ къæппæджы,
æмæ йæ Æз æрбакæндзынæн Вавилонмæ
æмæ йын стæрхон кæндзынæн, йæ зæрдæ
Мыл кæй сивта, уый тыххæй. 21 Вавилоны
æрдонгтæй лидзынмæ чи фæуа, уыдон иу-
уылдæр карды амæттаг бауыдзысты, чи ма
сæ баззайа, уыдон та ныххæлиу уыдзысты
фæйнæрдæм. Æмæ уæд базондзыстут, афтæ
Æз — Дунедарæг — кæй загътон, уый».
22 Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Æз
ратондзынæн бæрзонд кедры цъупп, йæ
уæллаг къалиуты æвзонгдæр, æмæ йæ ныс-
садздзынæн бæрзонд æмæ цытджын хохыл.
23 Ныссадздзынæн æй Израилы бæрзонд хо-
хыл, æмæ уый айтындздзæн йæ къалиутæ

æмæ æрхæсдзæни дыргъ. Уый суыдзæн
егъау кедр, æмæ йæ быны, йæ къалиуты
аууоны, цæрдзысты алымыггаг мæргътæ.
24Уæд æппæт бæлæстæ дæр базондзысты,
Æз Дунедарæг кæй дæн, уый. Æз æрныллæг
кæнын бæрзонд бæлас æмæ сбæрзонд кæнын
ныллæг бæлас, сыфтæрджын бæлас бахуыскъ
кæнын æмæ хуыскъ бæласыл цъæх сыфтæр
рауадзын. Æз — Дунедарæг — бакæндзынæн,
цы загътон, уый».

**18** Дунедарæг мын загъта: 2«Израилы зæх-
хыл ахæм æмбисонд цæмæн дзурут: „Туаг
сæнæфсир фыдæлтæ хордтой, цъæхдæндаг
та сæ цот фесты“? 3Æз сомы кæнын Мæхи-
цæй, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — ацы
æмбисонд нал дзурдзысты Израилы. 4Уымæн
æмæ алкæй уд дæр Мæ къухы ис: фыды уд
дæр æмæ фырты уд дæр. Тæригъæд чи ракæ-
на, мæлгæ дæр уый акæндзæн. 5Рæстгæнæг
чи у, йæ хъуыддæгтæ сыгъдæг æмæ раст
кæмæн сты, 6Израилы адæмы гуымирытæм
чи нæ кувы æмæ сын кувæн къуыбыртыл
сæ нывæндтæй чи нæ аходы, йæ хионы усы
чи нæ æгад кæны æмæ йæхи усимæ йæ туг
цæуыны заман чи нæ æрæмуат вæййы, 7чи
никæй æфхæры, йæ хæсджынæн йæ цъын-
ды фæстæмæ чи ратты, чи никæй стигъы,
йæ къæбæрæй æххормагæн чи бахай кæны
æмæ бæгънæгыл дарæс чи скæны, 8пайда
райсыны охыл æфстау чи нæ ратты, фæлывд
ми бакæнынæй йæхи чи хизы æмæ дыууæ
адæймаджы ’хсæн раст тæрхон чи хæссы,
9Мæ уагæвæрдтæ Мын чи æххæст кæны æмæ
Мын Мæ амындтытæ чи нымайы, уый рæст-
гæнæг у æмæ æнæмæнг цæрдзæн, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау.
10-11Фæлæ рæстгæнæгæн абырæг фырт куы
сæнтыса, искæй туг чи ныккалы, ахæм, æмæ,
йæ фыд кæй никуы бакодта, ахæм митæ куы
кæна: кувæн къуыбыртыл гуымирытæн хаст
нывондæгтæй куы хæра, йæ хионы усы куы
фæчъизи кæна, 12мæгуыр æмæ гæвзыччы
куы ’фхæра, адæмы куы стигъа æмæ йæм
цъынды цы рардæуыд, уый фæстæмæ куынæ
дæтта, гуымирытæм куы кува æмæ æлгъаг
митæ куы кæна, 13пайдайы охыл æфстау
куы дæтта, уæд ахæм куыд хъуамæ базза-
йа цæргæйæ? Нæ, уымæн нæй фæцæрæн.
Ахæм æлгъаг митæ чи кæны, уый æнæмæнг
амæлдзæн æмæ йæ мæлæты аххосджын
уыдзæн йæхæдæг.
14Фæлæ искæмæн ахæм фырт куы сæнты-
са, æмæ, йæ фыд цыдæриддæр тæригъæдтæ
аразы, уыдон уыны, фæлæ сæ нæ фæзмы,
зæгъгæ, 15ома Израилы адæмы гуымиры-
тæм нæ кувы æмæ сын кувæн къуыбыртыл
сæ нывæндтæй нæ аходы, йæ хионы усы не
’гад кæны, 16никæй æфхæры, цъынды никæ-
мæй исы æмæ никæй стигъы, йæ къæбæрæй
бахай кæны æххормагæн æмæ дарæс ратты
бæгънæгæн, 17йæхи хизы мæгуыры афæли-
вынæй, пайдайы охыл æфстау нæ дæтты,
æххæст Мын кæны Мæ амындтытæ æмæ
Мын нымайы Мæ уагæвæрдтæ, уæд уый
нæ амæлдзæн йæ фыды тæригъæды ахxo-
сæй, æнæмæнг цæрдзæни. 18Йæ фыд та йæ
тæригъæдты тыххæй амæлдзæн, уымæн
æмæ æгъатырæй æфхæрдта æмæ стыгъта
йæ хионы, йæ адæмы ’хсæн кодта фауинаг
хъуыддæгтæ.
19Сымах фæрсут, фыды азым фыртæй цæ-
уылнæ хъуамæ æрдомдæуа, зæгъгæ. Уымæн
æмæ фырт рæстгæнæг æмæ æгъдауджын
у, Ме ’ппæт уагæвæрдтæ дæр Мын ныма-
йы æмæ сæ æххæст кæны. Уый æнæмæнг
цæрдзæни. 20Тæригъæдтæ чи кæны, уый
та амæлдзæни. Фыды азым фыртæй не
’рдомдæуыдзæн, фырты азым та — фыдæй.
Рæстгæнæгæн йæ рæстад баззайдзæни йемæ,
æнаккагæн та тæрхонгæнæг уыдзысты йе
’наккаг митæ. 21Фæлæ æнаккаг дæр йæ раз-
дæры тæригъæдтæ куы ныууадза æмæ Мын
Мæ уагæвæрдтæ куы нымайа, рæстгæнæг
æмæ æгъдауджын куы суа, уæд цæргæйæ
баззайдзæн, нæ амæлдзæн. 22Уымæй размæ
цы фыдракæндтæ сарæзта, уыдон ын йæ
цæстмæ нæ бадардæуыдзæн æмæ, цы раст
хъуыддæгтæ кæна, уыдоны фæрцы цæрдзæн.
23Æз æнаккагæн, мыййаг, йæ амæлæтмæ
бæллын? — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. — Цæ-
мæй йе ’наккаг митæ ныууадза æмæ цæра,
уымæ нæ бæллын, æви? 24Рæстгæнæг дæр йæ
рæстадыл йæ къух куы сиса æмæ æнæраст
митæ кæнын куы райдайа, æнаккаджы æл-
гъаг митæ куы фæзма, уæд куыд хъуамæ баз-
зайа цæргæйæ? Уымæй размæ рæстагæй цы
сарæзта, уыдон ын нал æрымыстæуыдзæн.
Цы фæлывд митæ æмæ цы тæригъæдтæ
кæны, уыдоны тыххæй амæлдзæн.
25Сымах зæгъут, Дунедарæджы тæрхон
раст нæу, зæгъгæ. Байхъусут-ма, Израилы
адæм! Ау, Æз æнæраст тæрхон кæнын? Æнæ-
раст тæрхон сымах кæнут! 26Рæстгæнæг йæ
рæстадыл йæ къух куы сисы æмæ æнæраст
митæ кæнын куы райдайы, уæд амæлы йе
’нæраст миты аххосæй. 27Æнаккаг йе ’наккаг
митæ куы ныууадзы æмæ рæстæй цæрын
куы райдайы, уæд уый та баззайы цæргæйæ.
28Уымæн æмæ байгом сты йæ цæстытæ, æмæ

ныууагъта йæ фыдракæндтæ. Уый цæрдзæни, нæ амæлдзæн.
[29]Израилы адæм та афтæ зæгъынц, Дунедарæг раст тæрхон нæ кæны, зæгъгæ. Израилы адæм, ау, Æз æнæраст тæрхон кæнын? Æнæраст тæрхон сымах кæнут! [30]Уымæ
гæсгæ, Израилы адæм, Æз сымахæй алкæмæн дæр тæрхон кæндзынæн, цы фæндагыл
лæууы, уымæ гæсгæ, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. — Æрфæсмон кæнут æмæ ныууадзут
уæ раздæры æппæт тæригъæдтæ, цæмæй уыдоны тыххæй ма фесæфат. [31]Уæхицæй
аппарут, ныронг цы тæригъæдтæ кодтат, уыдон æмæ райсут ног зæрдæ æмæ ног уд.
Израилы адæм, цæмæн хъуамæ бабын уат?
[32]Æз никæй мæлæтмæ бæллын, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — уæ тæригъæдтыл æрфæсмон кæнут æмæ цæрут!»

## 19

«Ды та хъарæг сис Израилы паддзæхтыл:
[2] „Дæ мад цы домбай уыди, уастæн!
Куы царди домбæйттæн сæ астæу.
Æвзонг домбæйтты цур
йæ лæппынты куы хаста.
[3] Сæ иуы слæууын кодта уалынмæ йæ къæхтыл,
æмæ тыхджын домбайæ агæпп ласта уый;
ныттыдта-иу йæ амæттаджы: сахуыр,
уый адæмы ныхъуыирдта.

[4] Адæмты ’хсæн айхъуысти йæ кой,
æмæ сæ хъоргъы ’ппæрст æрцыди,
рæхысбастæй йæ акодтой Мысырмæ.

[5] Йæ мад æм каст æнхъæлмæ, фæлæ федта,
куыд бацарæфтыд йе ’нхъæлцау,
уæд райста уый йæ лæппынтæй æндæры,
æмæ йын уый тыхджын домбай куы басгуыхт.

[6] Тыхджын домбай куы басгуыхти йæ лæппын,
æрцарди домбæйтты æхсæн;
уый сахуыр ис йæ амæттаджы ахсын
æмæ ныхъуыирдта адæмы.
[7] Ныппырх-иу кодта адæмтæн сæ фидæрттæ,
сæ сахартæ дæр афтæ.
Йæ рыхынæй ныггæныстон ис
ацы зæхх æд хъæутæ.
[8] Фæлæ йæ ныхмæ сыстадысты уæд
йæ алфамбылай бæстæты цæрджытæ.
Сæ ахсæн хыз ыл баппæрстой,
æмæ сæ хъоргъы ’ппæрст æрцыди.
[9] Рæхысбастæй йæ къалатийы бакодтой,
Вавилоны паддзахмæ йæ аластой;
уыцы ран æй ахæстоны баппæрстой,
цæмæй йæ рыхын Израилы хæхтæй макуыуал райхъуыса.

[10] Донбыл сагъд сæнæфсиры талайау — дæ мад,
донарæхы фæрцы — къабузджын, дыргъджын.
[11] Йæ къалиутæ — фидар,
паддзæхты лæдзгуытæн дæр бæззыдысты.
Йæ зæнг æврæгъты онг схæццæ,
æд бирæ къабузтæ фæлгæсыди бæрзондæй.
[12] Фæлæ йæ, мæстæй судзгæйæ, срæдывтой бындзарæй
æмæ йæ афæлдæхтой зæххыл,
йæ дыргъ куы бахус скæсæйнаг дымгæмæ.
Йæ фидар къалиутæ æрсастысты, ныххус сты,
аныхъуырдта сæ арт.
[13] Ныр æй ныссагъдæуыд æдзæрæг ран —
æнæдон æмæ хус зæххыл.
[14] Йæ зæнг, йæ къалиутыл ын
сирвæзт пиллон арт,
йæ дыргътæ йын аныхъуырдта.
Паддзахы лæдзæгæн чи сбæзза,
ахæм фидар къалиу ыл нал баззад“.

Ай хъарæг у æмæ баззайдзæни хъарæджы номыл».

## 20

Æвдæм аз, фæндзæм мæйæн йæ дæсæм
бон мæм Израилы хистæртæ æрбацыдысты,
Дунедарæджы бафæрсыны охыл, æмæ æрбадтысты мæ разы. [2]Дунедарæг мын загъта:
[3]«Адæймаджы фырт! Израилы хистæртæн
фехъусын кæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: Мæ бафæрсынмæ æрбацыдыстут?
Сомы кæнын Мæхицæй, ницы дзуапп уын
ратдзынæн“, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

[4]Адæймаджы фырт! Тæрхонгæнинаг
сын дæ æви нæ? Сæ фыдæлты æлгъаг митæ сын равдис. [5]Фехъусын сын кæн: „Афтæ
зæгъы Дунедарæг Хуыцау: Израилы адæмы
куы равзæрстон, уыцы бон Мæ къух уæлæмæ систон æмæ расомы кодтон Йаковы

хæдзарвæндагæн, Мæхи сын раргом кодтон
Мысыры зæххыл. Мæ къух хæрдмæ систон
æмæ сын загътон: ‚Æз Дунедарæг дæн, уæ
Хуыцау!‘ 6Уыцы бон сын Æз, Мæ къух уæ-
лæмæ сисгæйæ, расомы кодтон, Мысыры
зæххæй сæ кæй ракæндзынæн, цы зæхх
сын равзæрстон — æхсыр æмæ мыд кæцæй
хъары, уырдæм, æппæт зæххыты диссаг-
дæрмæ. 7Уыимæ сын загътон: ‚Алчидæр
уæ аппарæд, кæсынæй кæмæ не ’фсæдут,
йæ уыцы гуымирытæ æмæ уæхи ма чъизи
кæнут Мысыры хуыцаугæндтæй. Æз дæн
Дунедарæг, уæ Хуыцау‘ 8Фæлæ уыдон Мæ
ныхмæ фесты æмæ Мæм нæ байхъуыстой.
Ничи сæ аппæрста, сæ мондæгтæ кæмæй
истой, уыцы гуымирытæ, æмæ сæ Мысыры
хуыцаугæндтыл ничи атигъ кодта йæхи.
Æмæ уæд загътон, Мæ маст сыл ныккал-
дзынæн æмæ сыл Мæ азар ныххуырсдзы-
нæн Мысыры зæххыл, зæгъгæ. 9Фæлæ Мæ
номы сæраппонд бакодтон ахæм хъуыддаг,
цæмæй Мын ма фауой Мæ ном, кæй æхсæн
цардысты, уыцы адæмтæ, уымæн æмæ сын
уыдоны раз раргом кодтон Мæхи, Мысыры
зæххæй сæ ракæныны охыл.

10Æз сæ рахуыдтон Мысыры зæххæй æмæ
сæ акодтон æдзæрæг быдырмæ. 11Уым сын
радтон Мæ уагæвæрдтæ æмæ сын фехъу-
сын кодтон Мæ амындтытæ, цæмæй сæ алы
адæймаг дæр æххæст кæна æмæ уый фæрцы
цæра. 12Бафæдзæхстон сын Мæ сабаты уагæ-
вæрдтæ æххæст кæнын, Мæн æмæ уыдоны
æхсæн фидыды нысанæн. Уадз æмæ зоной,
Æз Дунедарæг кæй дæн, уыдоны Чи срухс
кæны, Уый. 13Фæлæ Израилы адæм æдзæрæг
ран Мæ ныхмæ фесты. Мæ уагæвæрдтæ Мын
не ’ххæст кодтой, Мæ амындтытыл Мын суæ-
лæхох сты, афтæмæй та уыдон, чи сæ æххæст
кæны, уымæн цард дæттынц. Фæчъизи Мын
кодтой Мæ сабæттæ, æмæ Æз загътон, æдзæ-
рæг ран сыл Мæ азар ныххуырсдзынæн æмæ
сæ бабын кæндзынæн, зæгъгæ. 14Фæлæ Мæ
номы сæраппонд бакодтон ахæм хъуыддаг,
цæмæй Мын ма фауой Мæ ном, кæй цæсты-
ты раз сæ ракодтон, уыцы адæмтæ. 15Уымæ
гæсгæ æдзæрæг быдыры Мæ къух уæлæмæ
систон æмæ сын расомы кодтон, кæй сæ нæ
акæндзынæн, цы зæхх сын равзæрстон — æх-
сыр æмæ мыд кæцæй хъары, уырдæм, æппæт
зæххыты диссагдæрмæ. 16Уымæн æмæ Мын
суæлæхох сты Мæ амындтытыл, Мæ уагæ-
вæрдтæ Мын не ’ххæст кодтой, фæчъизи
Мын кодтой Мæ сабæттæ, æппæт зæрдæйæ
се ’ргом гуымирыты ’рдæм саразтой. 17Фæ-
лæ сын Æз фæтæригъæд кодтон æмæ сæ нæ
бабын кодтон, нæ сæ ныццагътон æдзæрæг
быдыры.

18Сæ фырттæн сын æдзæрæг быдыры
дзырдтон: уæ фыдæлты æгъдæуттæм гæс-
гæ ма цæрут, сæ уагæвæрдтæ сын ма æххæст
кæнут, уæхи ма фæчъизи кæнут уыдоны хуы-
цаугæндтæй. 19Æз Дунедарæг дæн, уæ Хуыцау,
Мæ фæдзæхстытæм гæсгæ цæрут æмæ Мын
æнувыдæй æххæст кæнут Мæ уагæвæрдтæ.
20Кад кæнут Мæ сабаты уагæвæрдтæн, уымæн
æмæ уыдон сты фидыды нысан Мæн æмæ
сымах æхсæн, цæмæй зонат: Æз Дунедарæг
дæн, уæ Хуыцау“. 21Фæлæ сæ фырттæ дæр Мæ
ныхмæ фесты. Мæ фæдзæхстытæм гæсгæ нæ
цардысты, Мæ уагæвæрдтæ Мын не ’ххæст
кодтой, афтæмæй та уыдон, чи сæ æххæст
кæны, уымæн цард дæттынц. Фæчъизи Мын
кодтой Мæ сабæттæ, æмæ загътон, Мæ азар
сыл ныххуырсдзынæн æмæ сыл æдзæрæг
быдыры Мæ маст ныккалдзынæн, зæгъгæ.
22Фæлæ Æз Мæ къух æруагътон æмæ Мæ номы
сæраппонд бакодтон ахæм хъуыддаг, цæмæй
Мын ма фауой Мæ ном, кæй цæстыты раз сæ
ракодтон, уыцы адæмтæ. 23Æцæг, æдзæрæг
быдыры Мæ къух уæлæмæ систон æмæ ра-
сомы кодтон, кæй сæ ныххæлиу кæндзынæн
алы бæстæтыл, алы адæмтыл. 24Уымæн æмæ
Мын не ’ххæст кодтой Мæ амындтытæ, суæ-
лæхох сты Мæ уагæвæрдтыл æмæ фæчъизи
кодтой Мæ сабæттæ. Се ’ргом аздæхтой, сæ
фыдæлтæ кæмæ куывтой, уыцы гуымирытæм.
25Уæд сæ Æз дæр бауагътон æвзæр — мæлæт
сын чи хаста, уыцы уагæвæрдтæ æххæст кæ-
нын, 26сæ нывæндтæй сæхи фæчъизи кæ-
нын — сæ алы фыццаггуырды арты нывондæн
хæссын, цæмæй сыл бафтауон фыд тас, æмæ
базоной, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.

27Уымæ гæсгæ Израилы адæмæн фехъусын
кæн, адæймаджы фырт: „Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы: мæнæ ма Мæ ноджыдæр куыд
æфхæрдтой уæ фыдæлтæ, гадзрахатæй-иу
Мыл рацыдысты. 28Æз сæ æрбакодтон, сомы
сын ракæнгæйæ, Мæ къух уæлæмæ сисгæйæ,
зæрдæ кæмæй бавæрдтон, уыцы зæхмæ,
фæлæ адон сæхицæн бацагуырдтой алы къу-
ыбыр æмæ алы къабузджын бæлас, æмæ-иу
ахæм къуыбырыл, кæнæ ахæм бæласы бын
аргæвстой сæ нывондæгтæ. Уыцы рæтты-иу
æрæвæрдтой сæ хуынтæ, хæрздæф буд-иу
ссыгътой æмæ калдтой сæн“.

29Æз сæ фарстон, кæдæм ссæут, уыцы уаз
къуыпп уын цы у, зæгъгæ. Уæдæй абоны онг
уыцы къуыпп Бамы ном хæссы.

30Уымæ гæсгæ Израилы адæмæн фехъу-
сын кæн: „Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы:

уæ фыдæлты кæй фæзмут, уымæй уæхи нæ
чъизи кæнут, мыййаг? Уыдоны гуымирытæм
кувгæйæ, хъахбай митæ нæ кæнут, æви?
31Лæвæрттæ сын хæсгæйæ æмæ сын уæ цоты
арты нывондæн судзгæйæ, уæхи фæчъизи
кæнут уæ гуымирытæй. Æмæ ма уый фæс-
тæ дзуапп агурут Мæнæй, Израилы адæм?
Сомы кæнын Мæхицæй, — зæгъы Дунедарæг
Хуыцау, — ницы дзуапп уын ратдзынæн!

32Сымах дзурут, цæй æмæ муртаттæгтау,
æндæрбæстаг адæмтау, хъæдтæм æмæ дур-
тæм кувæм, зæгъгæ. Фæлæ уæ хъуыдыйы
цы ис, уый уæ къухы ницы хуызы бафт-
дзæн! 33Сомы кæнын Мæхицæй, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау, — Мæ хъомысджын къу-
хæй, Мæ рахиз къухæй уын Æз хицауиуæг
кæндзынæн, Мæ азар уыл æххуырсгæйæ.
34Ракæндзынæн уæ, цы адæмтæ æмæ цы
бæстæтыл ныххæлиу стут, уырдыгæй æмæ
уæ æрæмбырд кæндзынæн, Мæ хъомыс
æвзаргæйæ, Мæ къухæй æвзидгæйæ æмæ
Мæ азар æххуырсгæйæ. 35Акæндзынæн уæ,
адæмты ’хсæн цы æдзæрæг быдыр ис, уыр-
дæм æмæ уын лæгæй-лæгмæ тæрхон кæн-
дзынæн. 36Уæ фыдæлтæн Мысыры æдзæрæг
быдыры куыд тæрхон кодтон, афтæ тæрхон
кæндзынæн сымахæн дæр, — зæгъы Дунеда-
рæг Хуыцау. — 37Рауадздзынæн уæ, фыййауы
лæдзæджы бынты рауадзæгау, æмæ та уемæ
ногæй сфидар кæндзынæн Мæ фидыд.

38Сымахæй фæхицæн кæндзынæн, Мæ
ныхмæ чи сыстад, уыцы фыдгæнджыты.
Ракæндзынæн сæ, æрцæуæггæгты цардæй
кæм цæрынц, уыцы зæххæй, фæлæ Изра-
илы зæхмæ нæ бацæудзысты. Æмæ уæд
базондзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.
39Сымах та, Израилы адæм, — зæгъы Дунеда-
рæг Хуыцау, — уæ гуымирытæм ацæут æмæ
сын лæггад кæнут, кæд Мæнмæ нæ хъусут,
уæд, фæлæ Мын Мæ уаз ном уæ лæвæрттæ
æмæ уæ гуымирытæй мауал фæчъизи кæнут.
40Уымæн æмæ Мын Мæ уаз хохыл, Израилы
бæрзонд хохыл, — зæгъы Дунедарæг Хуы-
цау, — лæггад кæндзысты æппæт Израилы
адæм, дунейыл сæ чидæриддæр ис, уыдон.
Уым сыл Æз æхсызгонæй сæмбæлдзынæн.
Уым уын бацагурдзынæн уæ хуынтæ, уæ
хоры сæртæ æмæ уе ’ппæт уаз нывæндтæ.
41Хæрздæф будау Мын суыдзыстут æхцон,
цы адæмтæ æмæ цы бæстæтыл ныххæлиу
стут, уырдыгæй уæ куы æрæмбырд кæнон,
уæд; афтæ Æз æппæт адæмтæн равдисдзы-
нæн, уаз кæй дæн, уый. 42Израилы зæхмæ
уæ куы бакæнон, уæ фыдæлтæн, Мæ къух
уæлæмæ сисгæйæ, сомы кæмæй ракодтон,
уыцы зæхмæ, уæд базондзыстут, Æз Дуне-
дарæг кæй дæн, уый. 43Уым æрымысдзыстут
уе ’ппæт фæндæгтæ æмæ уе ’ппæт митæ,
уæхи-иу кæмæй фæчъизи кодтат, уыдон
æмæ уе ’наккаг митыл æрхуддзыстут. 44Æмæ
бамбардзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый,
уæ фыдракæндтæ æмæ уæ хъахбай миты
тыххæй цæй аккаг стут, афтæ уын куынæ
бакæнон, фæлæ уын Мæ номы сæраппонд
хорздзинад куы саразон, уæд, о Израилы
хæдзар, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау“».

45Дунедарæг мын загъта: 46«Адæймаджы
фырт! Де ’ргом сараз хуссарæрдæм, бартхъи-
рæн кæн уыцырдæм æмæ хуссары хъæдæн
пехуымпар ныхас зæгъ. 47Фехъусын кæн
хуссары хъæдæн: байхъус Дунедарæджы
ныхасмæ, Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы:
„Арт дыл бандзардзынæн, æмæ дын уый дæ
бæлæстæ, цъæхæй, хуыскъæй, иууылдæр
аныхъуырдзæн. Пиллонкалгæ арт нæ ахуыс-
дзæн, æмæ алцыдæр басудздзæни хуссарæй
цæгатмæ. 48Уæд алы адæймаг дæр фендзæн,
уыцы æнæахуысгæ арт, Æз, Дунедарæг, кæй
ссыгътон, уый“». 49Уæд æз загътон: «О Ду-
недарæг Хуыцау! Уайдзæф мын кæнынц,
ай нын æмбисæндтæй цы дзуры, зæгъгæ».

**21** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Де ’ргом Йерусалимы ’рдæм сараз æмæ
Кувæндоны ныхмæ, стæй Израилы бæстæ-
йы ныхмæ пехуымпариуæг кæн! 3Израилы
зæххæн фехъусын кæн: „Афтæ зæгъы Дуне-
дарæг: Æз сыстадтæн дæ ныхмæ, Мæ кард
дæм кæрддзæмæй сласдзынæн æмæ дын дæ
адæмы, растæй, зылынджынæй ныццæгъд-
дзынæн. 4Мæ кард йæ кæрддзæмæй ист æр-
цæуидзæни, хуссарæй цæгатмæ дæм раст æмæ
зылынджынæй чидæриддæр ис, уыдоны
ныццæгъдынмæ. 5Æмæ уæд алы адæймаг
дæр базондзæн, Æз, Дунедарæг, Мæ кард
йæ кæрддзæмæй кæй сластон æмæ фæстæ-
мæ йæ бынатмæ кæй нал раздæхдзæн, уый.

6Адæймаджы фырт! Дæ цæссыг кал, дæ
уæрджытæ хойгæйæ, додой кæн æмæ дзы-
наз сæ разы. 7Цæуыл дзыназыс, зæгъгæ дæ
куы фæрсой, уæд-иу сын дзуапп ратт: ‚Цы
фыдуац æрбацæуы, уый тыххæй‘.

Алкæмæн дæр асæтдзæни йæ ныфс, уе
’ппæтæн дæр уæ уæнгтæ æркæлдзысты æмæ
уæ зæрдæтæ бамæгуыр уыдзысты, фыр тæс-
сæй бадонзоныг уыдзыстут. Æппæт уыдæт-
тæн æнæрцæугæ нæй, — зæгъы Дунедарæг
Хуыцау“».

8Дунедарæг мын загъта: 9«Адæймаджы
фырт! Зæгъ пехуымпар ныхас: „Дунедарæг

афтæ зæгъы: кард уæм æрбацæуы, кард. У
цыргъгонд æмæ цæхæртæ калы. 10Ахæм
цыргъ у бирæты ныццæгъдынæн, цæмæй
арвæрттывдау цæхæртæ кала! Æви Æз хъу-
амæ цин бакæнон, Мæ адæм иннæ адæмты
мурмæ дæр кæй нæ дарынц, ууыл?
11Æз кард сæрттивын кæнын кодтон, цæ-
мæй уый искæй къухы бафта. Цыргъгонд æр-
цыд æмæ тæмæнтæ калы, марæджы къухмæ
йæ раттыны размæ.
12Адæймаджы фырт! Хъæр кæн æмæ дзы-
наз, уымæн æмæ уыцы кард райстæуыдзæни
Мæ адæмы ныхмæ, уыимæ Израилы æппæт
фæтæгты ныхмæ. Уыдон карды амæттаг
бауыдзысты Мæ адæмимæ. Дæ уæрджытæ
ныххой уæдæ!
13Рæхджы Æз бафæлвардзынæн Мæ адæ-
мы, æмæ суанг Иудейы паддзах дæр Мæ
азарæй нæ фервæздзæн“, — зæгъы Дунеда-
рæг Хуыцау.
14Ды та, адæймаджы фырт, пехуымпари-
уæг кæн, дæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл
æрцæвгæйæ. Фæдывæр æмæ, зæгъ, ферты-
вæр уыдзæни карды тых, йæ амæттаг кæй
кæна, уыдоны ныхмæ, уыимæ стыр пад-
дзахы ныхмæ, æмæ сæ арф ныррæхойдзæн.
15Цæмæй адæм схъомпал уой æмæ сæ бирæ
фæцагъды уа, уый тыххæй сын алы сахары
кулдуармæ дæр сæ ныхмæ æрæвæрдзынæн
æвзидгæ кард. Уый цæхæртæ калдзæнис ар-
вæрттывдау, цыргъгонд æрцæудзæн адæмы
цæгъдынмæ.
16Бавдæл, кард, æмæ цæв рахизæрдæм
кæнæ галиуæрдæм — дæ ком кæцырдæм
здæха, уыцырдæм. 17Æз дæр Мæ армытъæ-
пæнтæ кæрæдзиуыл æрцæвдзынæн, æмæ
уæд ссæудзæни Мæ маст. Афтæ зæгъын Æз,
Дунедарæг!»
18Дунедарæг мын загъта: 19«Адæймаджы
фырт! Сныв кæн, Вавилоны паддзахы кард
кæуылты цæудзæн, ахæм дыууæ фæнда-
джы. Сæ дыууæ дæр уыцы иу зæххæй хъу-
амæ рацæуой. Сæ райдианы сын снывкæн
амонæн, алкæцы дæр сæ цы сахармæ цæ-
уы, уый амонынæн. 20Фæндæгтæй иуыл
кард цæудзæн аммонæгты сахар Раввамæ,
иннæуыл та — Иудеймæ, Йерусалимы фи-
дармæ. 21Уымæн æмæ Вавилоны паддзах
æрлæудзæни дыууæ фæндаджы райдиан
æмæ дæсны фæрсын райдайдзæн: хæлттау
цæгъддзæни йæ фаттæ, фæрсдзæни йæ хæ-
дзарон хуыцаугæндты, игæрмæ кæсдзæни.
22Йæ рахиз къухæй Йерусалимы хал сисдзæн.
Йерусалимы раз æрæвæрдзæн йæ сисфæлда-
хæн гæрзтæ. Тохы хъæр ныккæндзæн æмæ
сисфæлдахæн гæрзтæ байсдзæн кулдуары
цурмæ, йæ батонынмæ. Сахары ныхмæ са-
майдзæн сыджытбыру æмæ хæцæн мæсыг
сараздзæн. 23Иузæрдион ыл кæй уыдзысты,
уый тыххæй йын ард чи бахордта, уыцы
адæм ацы дæсныфæрсæн схондзысты мæнг.
Фæлæ сын Вавилоны паддзах æрымысдзæн
сæ ард æмæ сын сæ сахар байсынил ныл-
лæудзæн. 24Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Ду-
недарæг Хуыцау: уæ азым уæхæдæг кæй
æрымысыдыстут, уæ фыдракæндтæ æмæ уæ
тæригъæдтæ кæй раргом сты, уый тыххæй
сымах бахаудзыстут уæ фыдгулы къухтæм.
25Дæуæн дæр, Израилы æнаккаг фæтæг, фыд-
гæнæг, абон ралæууыд дæ тæригъæдты фæс-
таг бон! 26Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы:
Сис дæ сарыхъ æмæ дæ кады худ — нал дæ
бахъæудзысты. Ныллæг сбæрзонд уыдзæн,
бæрзонд та æрныллæг уыдзæн. 27Сæфт, сæфт,
сæфт! Ацы сахарæн йе сæфт æрцæудзæн,
æмæ афтæ уыдзæн, цалынмæ уыцы сахар
кæй у, уый æрцæуа, уæдмæ, æмæ йæ уæд
ратдзынæн уымæн.
28Адæймаджы фырт, пехуымпариуæг кæн
æмæ фехъусын кæн: Дунедарæг афтæ зæгъы
аммонæгты æмæ сæ фидисты тыххæй: кард
йæ кæрддзæмæй ласт æрцыди марынæн,
арвæрттывдау цæхæртæ калынæн. 29Дæ
пехуымпартæ дын мæнг цæстылуайæнтæ
кæй æвдисынц æмæ дын фæлывд дæсны-
фæрсæнтæ кæй кæнынц, уый тыххæй ды
дæр бахаудзынæ, сæ сæртæ кæмæн акъу-
ырдæуыд, уыцы æнаккæгты хыгъдмæ. Сæ
тæригъæдты фæстаг бон ралæууыд. 30Дæ
кард нытътъысс йæ кæрддзæмы. Тæрхон дын
кæндзынæн, кæм дæ рафæлдыстæуыди, цы
зæххыл сæнтыстæ, уым. 31Ныххуырсдзынæн
дыл Мæ маст, Мæ масты пиллæйттæ дыл
ныккалдзынæн æмæ дæ ратдзынæн, марын
ахуыр чи у, уыцы агъуыд адæмы къухтæм.
32Ды арты амæттаг бауыдзынæ, дæ туджы
бын фæуыдзæни зæхх. Хъуыды дæр дæ ни-
чиуал æркæндзæн, уымæн æмæ уый загътон
Æз, Дунедарæг».

**22** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Тугамæст сахарæн тæрхонгæнинаг дæ
æви нæ? Йе ’ппæт æлгъаг митæ йын радзур.
3Фехъусын ын кæн: Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы: „Мæнæ, йæхи фыдæнæн йæ адæмы
туг чи калы æмæ, цæмæй йæхи фæчъизи
кæна, уый тыххæй гуымирытæ чи аразы,
уыцы сахар! 4Ды тугныккалды азымджын
фæдæ, цы гуымирытæ сарæзтай, уыдонæй
фæчъизи дæ æмæ дæ азары бон æрбаввахс

кодтай, дæ рæстæг нымад у. Адæмтæн дæ
хынджылæггаг скæндзынæн, фидис дын
кæндзысты алы бæстæтæ. 5Фидис дын кæн-
дзысты хæстæг æмæ дард адæмтæ, уымæн
æмæ фæчъизи кодтай дæ ном, о знæт сахар!
6Израилы фæтæгтæ дæм бацыдысты
æмæ, йæ бон кæмæн цас уыди, уый бæрц
туг ныккалдтой. 7Дæ цæрджытæ æлгъ кæ-
нынц сæ ныййарджытыл, æфхæрынц æр-
цæуæггаджы, сидзæры æмæ идæдзы. 8Ды
Мын Мæ уаз æгъдæуттæ ницæмæ дарыс, Мæ
сабаты уагæвæрдтæ Мын фæчъизи кæныс.
9Дæ хахуыргæнджыты аххосæй адæмы туг
ныккæлы, дæ кувæн къуыбыртыл гуыми-
рытæн хаст нывæндтæ хæрынц, дæ мидæг
алы æлгъаг митæ аразынц. 10Де 'хсæн ис, йæ
фыды чи фегад кæны, ахæмтæ: йæ усимæ
йын æмуат æрцæуынц; сæ устытæн батых
кæнынц се 'рвылмæйон туг цæуыны заман.
11Чи йæ хионы усимæ æлгъаг ми аразы, чи
йæ чындзы фæчъизи кæны, чи та йæ хойæн,
фыдæй иу кæимæ у, уымæн тых кæны. 12Дæ
гæртамхорты аххосæй адæмы туг ныккæлы.
Æфстау дæттыс пайда райсыны охыл, тыхæй
байсыс дæ хионы исбон, Мæн та ферох код-
тай, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
13Ныр Æз Мæ армытъæпæнтæ кæрæдзи-
уыл æрцавтон, кæрæф кæй разындтæ æмæ
де 'хсæн туг кæй кæлы, уый тыххæй. 14Дæ
ныхмæ куы рацæуон, уыцы бонты дæм фаг
ныфс æмæ фаг хъару разындзæн, цæмæй
ма фæцудай? Æз, Дунедарæг, куыд загътон,
афтæ бакæндзынæн. 15Алы бæстæты, алы
адæмты 'хсæн дæ ныххæлиу кæндзынæн
æмæ кæрон скæндзынæн де 'нæуаг митæн.
16Уæд фелгъаг уыдзынæ адæмты цæсты æмæ
базондзынæ, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый“».
17Дунедарæг мын загъта: 18«Адæймаджы
фырт! Израилы адæм Мæнæн сыгъдонæй
уæлдай нал сты. Се 'ппæт дæр, куынцгомы
кæй бавæрдæуыд, уыцы къала, æрхуы, æф-
сæн æмæ здыйы, æвзисты згъæрсыгъдоны
хуызæн систы. 19Уымæ гæсгæ Дунедарæг
Хуыцау афтæ зæгъы: уе 'ппæт дæр сыгъ-
доны хуызæн кæй систут, уый тыххæй уæ
Æз æрæмбырд кæндзынæн Йерусалимы.
20Куынцгомы иумæ æвзист, æрхуы, æф-
сæн æмæ къала куыд бавæрынц æмæ сыл
арт куыд бандзарынц, стайын сæ кæныны
охыл, афтæ уæ Æз, фыр мæстæй судзгæйæ,
æрæмбырд кæндзынæн, куынцгомы уæ ба-
вæрдзынæн æмæ уæ стайын кæндзынæн.
21Æрæмбырд уæ кæндзынæн æмæ уыл Мæ
карз пиллонæй бафу кæндзынæн, æмæ атай-
дзыстут Мæ пиллоны мидæг. 22Куынцгомы
æвзист куыд атайы, афтæ атайдзыстут Мæ
карз пиллоны мидæг æмæ уæд базондзыс-
тут, Мæ азар уыл Æз, Дунедарæг, кæй ных-
хуырстон, уый».
23Дунедарæг мын загъта: 24«Адæймаджы
фырт! Ацы бæстæйæн зæгъ: ды афтæ фæчъи-
зи дæ, æмæ дыл Æз Мæ азар ныххуырсдзы-
нæн, къæвда дæр дын нал ратдзынæн. 25Йæ
фæтæгтæ сты йæ амæттаджы æргæвдæг
рыхгæ домбайы хуызæн; уыдон ныхъуы-
рынц адæмы, байсынц ын сæ исбон æмæ сæ
хæзнатæ. Уыдоны аххосæй бæстæ идæдзтæй
байдзаг ис. 26Йæ сауджынтæ Мын халынц
Ме 'Гъдау, фæчъизи Мын кæнынц Мæ уаз
æгъдæуттæ, уаз цы у, уый нæ иртасынц, уаз
цы нæу, уымæй; сыгъдæг æмæ æнæсыгъдæг
кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц, уый нæ
амонынц, æлгъ кæнынц Мæ сабаты уагæ-
вæрдтыл, нæ Мæ нымайынц. 27Йе 'лдæрт-
тæ сты йæ амæттаджы скъæфæг бирæгъау.
Архайынц туг ныккалыныл, адæмы бабын
кæныныл æмæ афтæмæй сбонджын уæвы-
ныл. 28Йæ пехуымпартæ кæнынц цæстфæ-
ливæн митæ, сæ цæстылуайæнтæ — мæнг,
сæ рагуацтæ — фæлывд. Уыдон дзурынц:
„Уый Дунедарæг Хуыцау загъта“, афтæмæй
та Дунедарæг ницы загъта. 29Адæм дæр
æфхæрынц кæрæдзи, стигъынц æмæ ту-
хæнæй марынц мæгуыр æмæ гæвзыччы,
æнæхъуаджы æфхæрынц æрцæуæггаджы.
30Агуырдтон сæм ахæм лæджы, сахары быру
кæм ракæлы, уым а бæстæйы сæрвæлтау чи
æрлæууа æмæ йæ чи самайа, цæмæй йæ Æз
ма бабын кæнон, фæлæ не ссардтон. 31Уымæ
гæсгæ сыл Æз Мæ маст ныккалдзынæн, Мæ
масты пиллонæй сæ бабын кæндзынæн, сæ
митæ сын сæхи сæрыл ныххуырсдзынæн», —
зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**23** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Уыди дыууæ сылгоймаджы, иу мады
чызджытæ. 3Се 'взонгæй фæстæмæ хæтыны
къахыл ныллæууыдысты Мысыры бæсты.
Уым æуууæрст цыдысты сæ риутæ, сæ чыз-
гон дзидзитæ. 4Хистæр хойæн йæ ном уыди
Охола, кæстæрæн та — Охолива. Уыдон Мæ
къухы уыдысты, ныййардтой Мын фырттæ
æмæ чызджытæ. Охола у Самари, Охолива
та — Йерусалим.
5Охола Мыл йæ зæрдæ сивта, æнæуаг митæ
кодта йæ хæзгултимæ, ассириаг хæстон-
тимæ. 6Йæ мондаджы цæст-иу æрæвæрд-
та æрвхуыз дарæстæй фæлыст æфсæддон
хицæуттæ æмæ балхонтыл, алы рæсугъд
лæппутыл — бæхджынтыл. 7Хъахбай митæ

кодта семæ — Ассирийы уæздæттимæ, йæ-
хи-иу фæчъизи кодта, мондаджы уарзтæй
кæй уарзта, уыдоны гуымирытæм кувынæй.
8Мысырæгтимæ хъахбай митæ кæнынæй
дæр не 'нцад. Уыдон йемæ æмуат цыдысты
йе 'взонджы бонтæй фæстæмæ, æууæрстой
йын йæ чызгон дзидзитæ, фæчъизи-иу æй
кодтой, сæ хъахбай мондæгтæ дзы исгæ-
йæ. 9Уый тыххæй йæ Æз радтон, мондаджы
уарзтæй кæй уарзта, уыдоны, йæ ассириаг
хæзгулты, къухтæм. 10Уыдон æмуат æрцы-
дысты йемæ, стæй йын байстой йæ фырттæ
æмæ йæ чызджыты, йæхи та йын амардтой
кардæй. Йæ хъысмæт сси рагфæдзæхстау
æппæт сылгоймæгтæн.

11Йæ хо Охолива йын уый куы федта, уæд
уымæй фыддæр фæци хæтынмæ æмæ æнæ-
уаг митæ кæнынмæ. 12Уый дæр фæцалх ас-
сириæгтимæ хъахбай митæ кæныныл. Йæ
мондаджы цæст-иу æрæвæрдта хъæздыг
дарæстæй фæлыст æфсæддон хицæуттæ
æмæ балхонтыл, æппæт æвзаргæ лæппу-
тыл — бæхджынтыл. 13Æз федтон, уый дæр
йæхи кæй фæчъизи кодта æмæ дыууæ хойы
дæр уыцы иу фæндагыл кæй цæуынц, уый.
14Ацы хо иннæмæй ноджыдæр хъахбайдæр
разынд. Уый федта къулыл къахт нывтæ —
сырх-сырхид ахорæнтæй ахуырст халдейаг
нæлгоймæгты нывтæ, 15сæ астæутыл уыди
рæттæ баст, сæ сæртыл — пæлæхсар сарыхъ-
тæ конд. Уыдысты вавилойнаг — Халдейы
бæстаг — — балхонты æнгæс. 16Куыддæр сæ
ауыдта, афтæ сæ бауарзта мондаджы уарз-
тæй æмæ сæм минæвæрттæ арвыста Халде-
йы зæхмæ. 17Уæд æм вавилойнæгтæ æрба-
цыдысты, йæ мондæгты хуыссæны æрæмуат
сты йемæ æмæ йæ фæчъизи кодтой, се 'нæуаг
мондæгтæ дзы исгæйæ. Фæлæ сæ йæхæдæг
куы фæчъизи ис, уæд сыл йæхи атигъ кодта.
18Семæ æмуат æрцæугæйæ, æргомæй йæ
мондæгтæ æфсадыныл куы схæцыд, уæд
дзы Æз та, æлгъгæнгæ, Ме 'ргом аздæхтон,
уымæй размæ йын йæ хойыл Мæхи куыд
атигъ кодтон, афтæ. 19Йе 'взонджы бонты
Мысыры зæххыл куыд хатти, уый мысгæйæ,
райдыдта ноджы фылдæр хæтын. 20Фæцалх
йæ хæзгултимæ хæтыныл; уыдонæн сæ ху-
динаг — хæрæджы худинагау, сæ мондæгтæ
та — уырсы мондæгтау. 21Афтæмæй ногæй
байдыдтай де 'взонджы бонты æнæуаг митæ
кæнын. Уæд дын мысырæгтæ æуууæрстой дæ
риутæ, дæ чызгон риутæ».

22Уымæ гæсгæ, Охолива, афтæ зæгъы Ду-
недарæг Хуыцау: «Æз дыл сардаудзынæн
дæ хæзгулты, дæхи кæуыл атигъ кодтай,
уыдоны. Алырдыгæй сæ æрбакæндзынæн
дæ ныхмæ хæцынмæ: 23вавилойнæгты æмæ
æппæт халдейæгты, Пекод, Шоа æмæ Коайы
сахартæй, уыдонимæ æппæт ассириæгты —
рæсугъд лæппуты, æфсæддон хицæутты
æмæ балхонты, фæлтæрд хæстонты æмæ
стыр хицæутты, æппæт бæхджынты. 24Гæр-
зифтонгæй дæм æрбацæудзысты бæхтæ
æмæ уæрдæттимæ, сæ бирæ æфсадимæ,
алырдыгæй дыл æртыхсдзысты згъæрхæ-
дæттæ, такатæ æмæ уартытимæ. Æз дæ сæ
тæрхоны амæттаг бакæндзынæн, æмæ дын
сæхи æгъдаумæ гæсгæ стæрхон кæндзысты.
25Мæ маст дыл ныххуырсдзынæн; уыдоны
хъæхъхъаг зæрдæйы амæттаг дæ бакæн-
дзынæн: уыдон дын алыг кæндзысты дæ
финдз æмæ дæ хъустæ, дæ адæмы та дын
ныццæгъддзысты кардæй. Дæ фырттæ æмæ
дын дæ чызджыты сахарæй уацары ракæн-
дзысты, цы ма дæм баззайа, сахарыл та арт
бандзардзысты. 26Дæ уæлæйæ дын раппар-
дзысты дæ дарæстæ æмæ дæ фæлындæнтæ.
27Афтæмæй Æз кæрон скæндзынæн, Мысыры
зæххæй демæ цы æнæфсарм æмæ хъахбай
митæ схастай, уыдонæн, æмæ уæд Мысы-
ры бæстæ нал мысдзынæ, нал æрлæудзæн
дæ зæрдыл». 28Уымæн æмæ афтæ зæгъы
Дунедарæг Хуыцау: «Æнæуынон дын чи у
æмæ æлгъгæнгæ дæхи кæуыл атигъ кодтай,
уыдоны къухтæм дæ дæттын. 29Æгъатырæй
дæ бафхæрдзысты, байсдзысты дын де 'ппæт
фæллæйттæ æмæ дæ ныууадздзысты мадард
бæгънæгæй. Уæд раргом уыдзысты дæ ху-
динаг, де 'нæфсармдзинад æмæ дæ хъахбай
митæ. 30Афтæ дын бачындæуыдзæн, алы
адæмтимæ æнæуаг митæ кæнгæйæ, сæ гу-
ымирытæй дæхи кæй фæчъизи кодтай, уый
тыххæй. 31Дæ хойы бафæзмыдтай, æмæ Æз
дæуæн дæр бадардзынæн, уый кæй бануæзта,
уыцы фыдæхы кæхц».

32Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: «Ды
бануаздзынæ, дæ хо кæй бануæзта, уыцы
фыдæхы арф æмæ стыр кæхц. Уый куыд стыр
у, афтæ тынг фæхудинаг æмæ фæаллайаг
уыдзынæ. 33Дæ бирæ хъыгты уæзæй расыгау
фæуыдзынæ, уымæн æмæ дæ хо Самарийы
кæхц у фыд азар æмæ гæныстоны кæхц! 34Йæ
тæккæ бынтæм æй бануаздзынæ, стæй йæ
базгъæлæнтæ кæндзынæ æмæ дæ риутæ
ныттондзынæ, уымæн æмæ афтæ загътон
Æз», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

35Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг Хуы-
цау: «Кæй Мæ ферох кодтай æмæ Мæ де 'ргом
кæй аздæхтай, уый тыххæй де 'нæфсармдзи-
над æмæ дæ хъахбай миты амæттаг фæу».

36Дунедарæг мын загъта: «Адæймаджы
фырт! Охола æмæ Охоливайæн тæрхон-
гæнинаг дæ æви нæ? Радзур сын се ’лгъаг
митæ. 37Уыдон хъахбай митæ кодтой, сæ
къухтæ самæстой туджы, сæ гуымирытимæ
хæтыдысты æмæ Мын цы цот ныййард-
той, уыдоны сын арты нывондæн хастой.
38-39Ноджы ма Мæ разы аххосджын мæнæ
цæй тыххæй сты: сæ цоты-иу сæ гуымиры-
йы номыл цы бон аргæвстой, тæккæ уыцы
бон-иу бацыдысты Мæ Кувæндонмæ æмæ-иу
æй фæчъизи кодтой, Мæ сабаты уагæвæрдтæ
дæр Мын не ’ххæст кодтой. 40Ноджы ма-иу
минæвæрттæ арвыстой æцæгæлон нæлгой-
мæгтæм, цæмæй сæм æрбацæуой дардæй;
се ’рбацыдмæ-иу ды цæхсадтай дæхи, са-
хуырстай-иу дæ цæстытæ æмæ-иу дæхи
сфæлыстай фæлындæнтæй. 41Семæ-иу рæ-
сугъд фынгыл æрбадтæ æмæ-иу сын уыцы
фынгыл æрæвæрдтай Мæ буд æмæ Мæ сой.
42Фынгæй-иу райхъуыст адæмы æнæмæт
уынæр, æдзæрæг быдырæй-иу сæм, бирæ
адæмты ’хсæнæй, æрбахуындæуыд нозт-
æмхицты, æмæ-иу сын уыдон сæ къухтыл
бакодтой цонгдарæнтæ, сæ сæртыл та-иу
сын æркодтой рæсугъд кады худтæ».
43Æз загътон, йæ фыр хъахбайæ чи æр-
хæррæгъ, уыцы Охолива ныр йе ’нæуаг ми-
тæ ныууадздзæни, зæгъгæ. 44Фæлæ йæм
уæддæр цыдысты хæтаг сылмæ цæуæгау;
афтæмæй сæхи ирхæфстой хъахбай усты-
тимæ — Охола æмæ Охоливаимæ.
45О, фæлæ сын рæстгæнджытæ уыдзысты
тæрхонгæнæг. Бакæндзысты сын, хæтаг усты-
тæ æмæ туг ныккалджытæн цы бачындæуы,
уый, уымæн æмæ уыдон хæтаг устытæ сты,
уыимæ сæ къухтæ самæстой туджы. 46Уымæ
гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Адæ-
мы ’хсæнмæ сæ ракæнут, æмæ сæ амæттаг
фæуæнт, бастигъæнт сæ. 47Адæм сæ дурты
бын фæкæнæнт æмæ сæ кæрдтæй скъуыхтæ
кæнæнт, сæ фырттæ æмæ сын сæ чызджыты
амарæнт, сæ хæдзæрттæ та сын басудзæнт.
48Афтæмæй а зæххыл кæрон скæндзынæн
хъахбайдзинадæн. Уый æппæт сылгоймæг-
тæн дæр суыдзæни зондамонæн, æмæ сыма-
хау хъахбай митæ нæ кæндзысты. 49Сымахыл
та ныххуырстæуыдзæн уæ хъахбайы азым;
уæ гуымирытимæ цы тæригъæдтæ ракодтат,
уыдоны тыххæй баййафдзыстут æфхæрд.
Æмæ уæд базондзыстут, Æз Дунедарæг Ху-
ыцау кæй дæн, уый».

**24** Фарæстæм азы дæсæм мæйæн йæ дæсæм
бон мын Дунедарæг загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Абоны бон дæхимæ ныффысс, уымæн
æмæ тæккæ ацы бон Вавилоны паддзах æр-
хъула кæндзæн Йерусалимыл. 3Ацы хиваст
адæммæ æмбисонды хуызы бартхъирæн
кæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: аг
æрæвæр æмæ дзы дон ныккæн, 4стæй дзы
ныккал дзидзайы хуыздæр хæйттæ: сины
стджытæ æмæ сгуытæ, байдзаг æй кæн æв-
заргæ стджытæй — 5хæрзхаст фысты дзидза
æмæ стджытæй. Аджы бын-иу æндзаргæ
дæр стджытæй бакæн æмæ-иу аг рафыцын
кæн, йæ мидæг стджытæ дзæбæх куыд ста-
йой, афтæ“».
6Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Додойаг
у, тугныккалдæй йемыдзаг чи у, уыцы са-
хар! Додойаг у, чи сызгæ æмæ йе згæ кæмæн
не ссыди, уыцы аг! Хай хайы фæдыл исут
йæ хуылфæй, хæлттæ сыл не ’ппаргæйæ.
7Уымæн æмæ туг ныккалдтой ацы сахары
цæрджытæ, уыимæ зæххыл нæ, фæлæ айнæг
къæдзæхыл, æндæра рыджы бын фæуыдаид
зæххыл. 8Æз уыцы туг айнæг къæдзæхыл
уымæн ныууагътон, цæмæй ма басусæг уа,
æмæ Мæ маст ссудза маст исыны охыл».
9Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг Ху-
ыцау: «Додойаг у, туг кæм ныккалди, уыцы
сахар! Æз скæндзынæн стыр арт; 10ды-иу ыл
суг бафтау æмæ йæ тынгдæр сцырын кæн,
дзидзатæ куыд стайой, афтæ. Стæй, сæ бас
куы байсыса, уæд стджытæ дæр стайдзысты.
11Ды-иу афтид аг зынджытыл ныууадз, цæ-
мæй ссырхзынг уа йе ’рхуы, атайа йæ чъизи
æмæ ссæуа йе згæ.
12Æнæпайда фыдæбон! Не ссæудзæни йæ
чъизи, суанг арты бон дæр ын ницы бауы-
дзæн! 13Уый бæрц æлгъаг у дæ чъизи, æмæ
дæ цасфæнды куы сыгъдæг кæнон, уæд дæр
чъизийæ баззайдзынæ æмæ фидæны дæр не
ссыгъдæг уыдзынæ, цалынмæ дыл Мæ азар
нæ ныххуырсон, уæдмæ. 14Афтæ зæгъын
Æз, Дунедарæг. Афон æрцæудзæн æмæ Æз
афтæ бакæндзынæн. Мæ фæнд нæ аивдзы-
нæн, нæ фæтæригъæд кæндзынæн æмæ нæ
ныббардзынæн. Стæрхон дын кæндзынæн,
цы фæндагыл лæууыс æмæ цы хъуыддæгтæ
аразыс, уыдонмæ гæсгæ», — зæгъы Дуneда-
рæг Хуыцау.
15Дунедарæг мын загъта: 16«Адæймаджы
фырт! Дæ цæстытæ кæй уындæй райынц,
уый дын Æз æнæнхъæлæджы байсдзынæн,
фæлæ-иу ды ма ску æмæ ма ныхъхъæрæг
кæн, дæ цæстæй иу сыг дæр ма ’рхауæд.
17Æнæдзургæйæ дзыназ, йæ мардыл-иу ын
богъ-богъ ма кæн. Дæ сарыхъ-иу стух дæ
сæрыл, дæ дзабыртæ-иу дæ къæхтыл скæн.

Дæ зачъе ма бамбæрз, мардыкæнды къæ-
бæрæй ма саход».
18Адæмимæ райсомæй цы бон дзырдтон,
уыцы бон изæрæй мæ бинойнаг амард, æмæ
дыккаг бон æз бакодтон, куыд мын загъ-
дæуыд, афтæ. 19Адæм мæ бафарстой: «Дæ
ацы митæ цы амонынц, уый нын нæ загъ-
дзынæ?» 20Дзуапп сын радтон: «Дунедарæг
мын фехъусын кодта Йæ ныхас, 21цæмæй æз
Израилы адæмæн загъон: „Дунедарæг Хуы-
цау афтæ зæгъы: Æз фæчъизи кæндзынæн
Мæ Кувæндон — уæ хъомысы цæджындз, уæ
цæстырухс, уæ удлæууæн. Уæ фырттæ æмæ
уæ чызджытæ та, сахары кæй ныууагътат,
уыдон, карды амæттаг бауыдзысты“. 22Æмæ
уæд сымах дæр, æз куыд кодтон, афтæ кæн-
дзыстут: уæ зачъетæ нæ бамбæрздзыстут,
мардыкæнды къæбæрæй нæ саходдзыстут,
23уæ сарыхътæ уыдзысты уæ сæртыл, уæ
дзабыртæ — уæ къæхтыл; нæдæр кæугæ
кæндзыстут, нæдæр хъарæг, фæлæ уæ фыд-
ракæндты аххосæй батайдзыстут уæлхъæ-
дæй æмæ кæрæдзийы раз хъæрздзыстут.
24Езекиел уын уыдзæни нысан. Сымах
кæндзыстут, уый куыдæриддæр бакодта,
афтæ. Æмæ уыл уыдæттæ куы 'рцæуой, уæд
базондзыстут, Æз Дунедарæг Хуыцау кæй
дæн, уый».
25Ноджы ма мын Дунедарæг загъта:
«Адæймаджы фырт! Сæ хъару, сæ цин æмæ
сæ кад, сæ цæстырухс æмæ сæ удлæууæн,
сæ фырттæ æмæ сæ чызджыты сын цы бон
байсон, 26уыцы бон дæм фæзындзæни, чи
аирвæзти, уыцы лигъдон æмæ дын уац фе-
хъусын кæндзæн. 27Æмæ уыцы бон лигъдоны
раз байгом уыдзæн дæ дзых æмæ райдай-
дзынæ дзурын — нал уыдзынæ æгомыг. Ды
сын суыдзынæ нысан, æмæ уæд базондзыс-
ты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый».

**25** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Аммонæгты ныхмæ де 'ргом сараз
æмæ пехуымпариуæг кæн сæ ныхмæ. 3Ам-
монæгты фæдонтæн зæгъ: „Байхъусут Дуне-
дарæг Хуыцауы ныхасмæ! Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы: Мæ Кувæндон кæй фæчъизи
ис, Израилы зæхх кæй ныггæныстон æмæ
иудейæгтæ хаст кæй æрцыдысты, уыдæттыл
уæхи худæгæй кæй хæссут, 4уый тыххæй уын
Æз уæ зæхх Скæсæны цæрджытæн исбонæн
ратдзынæн, æмæ дзы уыдон асадæнтæ скæн-
дзысты æмæ сæ цатыртæ сæвæрдзысты. Уæ
дыргътæ уын хæрдзысты æмæ уын уе 'хсыр
нуаздзысты. 5Раввайы сахарæй теуаты хи-
зæнуат скæндзынæн, аммонæгтæн сæ иннæ
сахартæ æмæ хъæутæй та — фосдарæнтæ
лыстæг фосæн. Æмæ уæд базондзыстут, Æз
Дунедарæг кæй дæн, уый“.
6Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: „Из-
раилы зæххыл æлгъгæнгæйæ, цинæй кæй
радыстут, уæ къухтæй къæрццæмдзæгъд
кæй кодтат æмæ уæ къæхтæй зæхх кæй
хостат, 7уый тыххæй уæм Æз Мæ къух сис-
дзынæн æмæ уæ адæмтæн бастигъын кæн-
дзынæн. Фесафдзынæн уæ адæмтæ æмæ
бæстæты 'хсæнæй, ныддæрæн уæ кæндзы-
нæн, æмæ уæд базондзыстут, Æз Дунедарæг
кæй дæн, уый“.
8Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: „Моав
æмæ Сеир фидистæгæнгæ афтæ кæй дзурынц,
иудейæгтæ дæр иннæ адæмтæй ницæмæй ху-
ыздæр сты, зæгъгæ, 9уый тыххæй Æз байгом
кæндзынæн Моавы фидар арæнтæ, йæ кæ-
рæтты цы сахартæ лæууы æмæ хъал кæмæй
сты, уыдон: Бет-Йешимот, Баал-Меон æмæ
Кирйатаим. 10Моавы зæхх дæр аммонæгты
зæххимæ иумæ Скæсæны адæмтæн ратдзы-
нæн, аммонæгтæн адæмты 'хсæн сæ кой дæр
куыннæуал баззайа, афтæ. 11Моавыл дæр Мæ
тæрхоны азар ныххуырсдзынæн, æмæ уæд
базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый“.
12Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: „Едо-
мæгтæ иудейæгтæй сæ маст æгæр æгъа-
тырæй кæй истой, уымæй стыр тæригъæд
сарæзтой. 13Уымæ гæсгæ Æз, Дунедарæг, Мæ
къух сисдзынæн Едоммæ æмæ йын ныц-
цæгъддзынæн йæ адæмы дæр æмæ йæ фос
дæр, йæхи та йын ныггæныстон кæндзы-
нæн. Теманæй Деданы онг карды амæттаг
бауыдзысты иууылдæр. 14Едомæй Мæ маст
райсдзынæн Мæ адæм Израилы къухæй, Мæ
азар сыл ныххуырсдзысты уыдон, æмæ уæд
едомæгтæ базондзысты, Æз Мæ маст куыд
фæисын, уый“, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
15Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: „Филис-
тимæгтæ иудейæгтæм æнæуынон цæстæй
кæй кастысты æмæ сæм æдзух фыдзæрдæ
даргæйæ, уыдонæй суанг се сæфты бон дæр
сæ маст æгъатырæй кæй истой, 16уый тых-
хæй Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: Мæ
къух сисдзынæн филистимæгтæм — уыцы
керетæгтæм, стæй ма сæ денджызгæрæтты
чидæриддæр баззад, уыдоны се 'ппæты дæр
ныццæгъддзынæн. 17Æгъатырæй сæ райс-
дзынæн Мæ маст æмæ сыл ныккалдзынæн
Мæ азар. Мæ маст сæ куы райсон, уæд ба-
зондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый“».

**26** Нæ ахасты иуæндæсæм азы дыууадæ-
сæм мæйæн йæ фыццаг бон мын Дунедарæг

загъта: 2«Адæймаджы фырт! Тир Йеруса-
лимы тыххæй афтæ кæй дзырдта: „Æгъа!
Дзæбæх куы ныппырх ис, адæмты кулдуар
кæй хонынц, уыцы сахар! Ныр мæ амæттаг
бауыдзæн. Уый ныггæныстон, æз та схъæз-
дыг уыдзынæн“, — 3уымæ гæсгæ Дунедарæг
Хуыцау афтæ зæгъы Тирæн: „Æз дæ ныхмæ
сыстдзынæн, Тир, æмæ дын дæ ныхмæ бирæ
адæмты сыстын кæндзынæн, денджыз йæ
уылæнтæ куыд сисы, афтæ. 4Уыдон Тиры
систæ ныппырх кæндзысты, йæ мæсгуы-
тæ йын ныддæрæн кæндзысты. Æз ын йæ
хæлддзæгтæ дæр ныххафдзынæн æмæ йæ
гомгæрцц къæдзæх фестын кæндзынæн.
5Денджызы астæу кæсагахсæн хызтæ кæм
хус кæнынц, ахæм бынат фестдзæни, уымæн
æмæ афтæ загътон Æз, — зæгъы Дунедарæг
Хуыцау. — Адæмтæ дæ хæлæттаг фæкæн-
дзысты. 6Денджызы былгæрон дын цы чыз-
джытæ цæрынц, уыдон та карды амæттаг
бауыдзысты. Æмæ уæд базондзыстут, Æз
Дунедарæг кæй дæн, уый“».
7Уымæн æмæ афтæ зæгъы Дунедарæг Ху-
ыцау: «Тир, дæ ныхмæ дын цæгатæрдыгæй
æрбакæндзынæн Вавилоны паддзах, пад-
дзæхты паддзах Навуходоносоры, йе стыр
æфсадимæ, æд бæхтæ, æд уæрдæттæ æмæ æд
бæхджынтæ, æнæнымæц æфсадимæ. 8Уый
карды амæттаг бакæндзæни, денджызгæ-
рætты дын цы дæлбар сахартæ ис, уыдон, дæ
ныхмæ дын сараздзæни хæцæн мæсгуытæ
æмæ самайдзæни сыджытбыру, æрæвæр-
дзæн цæлхытыл тулгæ стыр уартытæ. 9Дæ
быруты раз дын сæвæрдзæни сисфæлдахæн
гæрзтæ æмæ дын дæ мæсгуытæ фехалдзæн
йе 'фсæн мæцъистæй. 10Йæ бæхты къæхты
рыджы бын фæуыдзынæ, дæ бырутæ нын-
къуысдзысты уæрдонджынты хъæрахст æмæ
уæрдæтты гыбар-гыбурæй, дæ кулдуарыл
дæм, чи ныппырх ис, ахæм сахармæ цæ-
уæгау куы фæцæйцæуа, уæд. 11Йæ бæхты
сæфтджытæй дын бассæндзæни дæ уынгтæ,
дæ адæмы дын кардæй ныццæгъддзæн, дæ
хъомысы цыртдзæвæнтæ та дын афæлдах-
дзæн зæххыл. 12Дæ исбон дын ратæлæт кæн-
дзысты, байсдзысты дын дæ базайрæгтæ,
ракалдзысты дæ систæ, фехалдзысты дæ
рæсугъд хæдзæрттæ, дæ дуртæ, дæ бæлæстæ
æмæ дын дæ сыджыт та денджызы нык-
калдзысты. 13Æз дын дæ зарджыты уынæр
бамынæг кæндзынæн, нал хъуысдзæни дæ
хъисфæндырты цагъд дæр. 14Айнæг къæ-
дзæх дæ фестын кæндзынæн, кæфахсæн
хызтæ хусгæнæн бынат суыдзынæ æмæ но-
гæй арæзт никуыуал æрцæудзынæ, уымæн
æмæ афтæ загътон Æз, Дунедарæг, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау».
15Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы Тиры
сахарæн: «Куы ныппырх уай, уæд дæ уы-
нæрæй, дæ цæфты хъæрзынæй денджызы
был сакъадæхтæ нынкъуысдзысты! 16Бæс-
тыхицæуттæ рахиздзысты сæ бадæнтæй,
раппардзысты сæ пæлæзтæ, раласдзысты сæ
нывæфтыд дарæстæ. Ризæг сыл бахæцдзæн,
тæрсгæ-ризгæйæ æрбаддзысты зæххыл æмæ
алы уысм дæр стъæлфдзысты, æвирхъæу тас
сыл бафтаудзæни дæ хъысмæт. 17Сисдзысты
дыл хъарæг:

„Уæ, куыд бабын дæ, кадджын сахар,
денджызонты цæрæн бынат!
Денджызы астæу хъомысджын куы
уыдтæ —
цы дæхæдæг, цы дæ цæрджытæ.
Денджызгæрон адæмтæ
æмризæджы куы рызтысты дæ разы.
18 Ныр дæ сæфты бон
куы нынкъуысыдысты денджызгæрон
бæстæтæ,
æвирхъæу тас сыл куы бахæцыд
дæ сæфты азармæ кæсгæйæ“».

19Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: «Æдзæрæг сахартау дæ куы сафтид
кæнон, денджыз дыл куы ныххуырсон æмæ
дæ йæ бирæ уылæнтæ сæ быны куы фæкæ-
ной, 20уæд дæ ныппардзынæн дæлдзæх бæс-
тæм, незаманты чи амарди, уыцы адæммæ.
Æрæвæрдзынæн дæ, мыггагмæйы æдзæрæг
рæтты халдих чи у, зæххы уыцы æрфыты,
дæлдзæх бæстæм чи ныццыд, уыдонимæ,
цæмæй дæ мидæг макуыуал мачи æрцæра.
Зæххыл цæргæйæ ма чи баззайа, уыдонæн
та раргом кæндзынæн Мæ кад. 21Дæуæй
скæндзынæн фыд азары цæвиттон. Агур-
дзысты ма дæ, фæлæ дæ мыггагмæ дæр нал
ссардзысты», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**27** Дунедарæг мын загъта: 2Адæймаджы
фырт! Ды дæр ныхъхъарæг кæн Тирыл!
3Зæгъ Тирæн, денджызмæ рацæуæнтæ чи
бацахста æмæ денджызы был цы бæстæтæ
ис, уыдонимæ сæудæджер чи кæны, уымæн:
афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Тир! Ды
дæхи схуыдтай алæмæты рæсугъд. 4Ден-
джызы астæу лæууыс — науæнгæс — хорз
дæ сфæлыстой дæ аразджытæ, алцæмæй
дæр — æххæст. 5Сениры кипарисæй дын
сарæзтой дæ чъилтæ, Ливанæй ласт кедрæй
дын æрцамадтой дæ наухъилтæ, 6башайнаг

тулдзæй дын донфыййæгтæ скодтой, тæрс
бæласæй дын сарæзтой дæ бандæттæ, сфæ-
лыстой дæ киттимаг пылыстæгæй.
[7]Мысыраг нывæфтыд гæн хъуымацæй
уыдысты дæ наупæлæстæ æмæ дæ тырыса,
елишайаг æрвхуыз æмæ сæнт сырх хъуы-
мæцтæй — дæ уæлæдарæс. [8]Сидон æмæ
Арвады цæрджытæ дæ бæлæгътæрджытæ
уыдысты, къухæй дæсныйæ дæм чи уыд,
уыдон та — дæ наутæрджытæ. [9]Гевалы хис-
тæртæ, алы куыстмæ дæсны чи уыди, уыдон,
куыстой дæуæн, цæмæй æхгæд æрцæуой
дæ хуынчъытæ. Æрбацыдысты-иу дæм
алы наутæ æмæ денджызонтæ сæудæджер
кæнынмæ. [10]Персайнæгтæ, лудæгтæ æмæ
путæгтæ уыдысты де 'фсады хæстонтæ, дæ
систыл-иу дын уартытæ æмæ такатæ æрца-
уыгътой — афтæ-иу систой уæлиау дæ кад.
[11]Арвадæгтæ æд æфсад дæ алыварс лæу-
уыдысты дæ бырутыл, гаммадæгтæ — дæ
мæсгуытыл. Дæ алыварс-иу дæ систыл сæ
уартытæ æрцауыгътой, æмæ-иу афтæмæй
ноджы рæсугъддæр сдæ.
[12]Дæ исбонæн ныккæнæн дæр нæ уыд,
æмæ дын Таршишы сахар дæ базайрæгты
сæрмæ лæвæрдта æвзист, æфсæйнаг, къала
æмæ зды. [13]Йаван, Тувал æмæ Мешехы цæр-
джытæ базар кодтой демæ, дæ базайрæгты
сæрмæ дын лæвæрдтой сæ цагъарты, стæй
се 'рхуы мигæнæнтæ. [14]Тогармайы сæудæ-
джертæ-иу дын уæрдоныл ифтындзгæ æмæ
саргъы бæхтæ æрбаластой. [15]Демæ базар
кодтой Деданы сæудæджертæ дæр, стæй
денджызгæрон сахартæй бирæтæ. Æрбалас-
той-иу дын пылыстæг æмæ сау хъæдæрмæг.
[16]Дæ базайрæгтæн ныккæнæн кæй нæ уыд,
уымæ гæсгæ демæ сæудæджер кодтой ара-
мейæгтæ дæр. Дæ базайрæгты ныхмæ дын
лæвæрдтой æрвхуыз зынаргъ дуртæ, сæнт
сырх хъуымæцтæ, нывæфтыд æмæ лыстæг
гæнæй уафт хъуымæцтæ, кораллтæ æмæ
лалтæ. [17]Демæ базар кодтой Иудей æмæ Из-
раил. Дæ базайрæгты ныхмæ дын лæвæрд-
той Миннитæй ласт мæнæу, легъуитæ, мыд,
оливæйы сой æмæ æвдадз.
[18]Дæ базайрæгтæн, дæ исбонæн ныккæнæн
кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ демæ сæудæджер
кодта Дамаск. Уæй дын кодта хелбойнаг
сæн æмæ цахайраг къуымбил. [19]Ведан æмæ
Йаваны байзæддаг, Узалы цæрджытæ, дæ
базайрæгты сæрмæ дæуæн лæвæрдтой куыр-
дадзы цагъд æфсæн, ноджы ма лавры сыф
æмæ æндæр хъацæнтæ.
[20]Деданы цæрджытæ дын уæй кодтой
зынаргъ базæмбæрзæнтæ саргъы бæхты
рæвдзæн. [21]Демæ сæудæджер кодтой Арави
æмæ Кедары æппæт æлдæрттæ. Уæй дын
кодтой уæрыччытæ, фырытæ æмæ цæутæ.
[22]Демæ базар кодтой Сава æмæ Раамайы
сæудæджертæ. Дæ базайрæгты сæрмæ дын
лæвæрдтой сæ хуыздæр базайрæгтæ: алы
æвдадз, налхъуыт-налмастæ æмæ сыгъ-
зæрин. [23]Демæ базар кодтой Харан, Канне,
Еден, Сава, Ассири æмæ Килмады сæудæ-
джертæ. [24]Дæ базартæм дын уæймæ ластой
зынаргъ дарæстæ, æрвхуыз пæлæзтæ, ны-
вæфтыд хъуымæцтæ æмæ гауызтæ, стæй
фидар бæндæнтæ.
[25]Таршишаг наутæ дын систы сæудæджер-
гæнæг чырæтæ.

Тынг сбонджын æмæ скадджын дæ
ды денджызы астæу.
[26] Дæ чематæрджытæ дæ фурды астæу-
мæ батардтой,
скæсæйнаг уад дæ фурды астæу нып-
пырх кодта.
[27] Де сæфты бон дæ исбон, дæ
денджызонтæ,
дæ наутæрджытæ, дæ
науæмпъузджытæ,
дæ сæудæджертæ æмæ дæ
хæстонтæ —
дæ адæм иууылдæр денджызы бын
фæуыдзысты.
[28] Дæ наутæрджыты цъæхахстæй
дæ сыхаг адæмтæ ныккæрздзысты.
[29] Наутæрджытæ се 'ппæт дæр
рахиздзысты сæ наутæй —
денджызонæй, наутæрæгæй зæххыл
æрлæудзысты.
[30] Дзагхъæлæсæй дыл ныккæудзысты
æмæ хъæрæг кæндзысты;
сæ сæртыл рыг байзæрдзысты
æмæ сæхи рыджы æвдулдзысты.
[31] Сау дыл дардзысты:
адасдзысты сæ сæртæ,
сæхъистæ скæндзысты сæ уæлæ,
хъыггæнгæ дыл зæрдæрхалæн хъарæг
сисдзысты.
[32] Сæ сæфты бон дыл сисдзысты хъарæг:
„Фурды астæу Тиры хуызæн чи бабын
ис!“
[33]Денджызты сæудæджер кæнгæйæ,
ды бирæ адæмты æфсæстай.
Ныккæнæн дын цы исбонæн нæ уыд,
уымæй-иу сыхаг паддзæхты схъæз-
дыг кодтай.
[34] Фæлæ дæ ныр ныппырх кодтой ден-
джызы уылæнтæ,

де ’ппæт исбон, де ’ппæт адæм
фурды бын куы фесты.
35 Денджызгæрон сахартыл æвирхъау
тас куы бахæцыд,
куы ныккæрзыдтой паддзæхтæ,
сæ цæсгомы хуыз куы фæцыд.
36 Иннæ адæмты сæудæджертæ та дыл
куы кæнынц æхситт,
æвирхъау тас куы ’фтауы алкæуыл дæ
хъысмæт —
ды бабын дæ мыггагмæ».

**28** Дунедарæг мын загъта: 2 Адæймаджы
фырт! Зæгъ Тиры хицауæн: «Дунедарæг Хуы-
цау афтæ зæгъы: ды дæхиуыл фервæссыдтæ
æмæ загътай: „Æз хуыцау дæн æмæ бадын
хуыцауы бадæны, фурды астæу“. Афтæмæй,
Хуыцау нæ, фæлæ адæймаг уæвгæйæ, дæ
зонд Хуыцауы зонды æмвæз æвæрыс. 3 Ды
Даниилæй зондджындæр дæ, æппæт сусæг-
тæ дæр дын æргом сты. 4 Дæ куырыхон зонды
фæрцы схъæздыг дæ æмæ дæ хæзнадæттæ
байдзаг кодтай сыгъзæрин æмæ æвзистæй.
5 Сæудæджеры куыст кæнынмæ хорз кæй
арæхстæ, уый фæрцы сбирæ кодтай дæ ис-
бон æмæ дæ бирæ исæй схъал дæ. 6 Уымæ
гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: дæ
зонд Хуыцауы зондимæ иу æмвæзыл кæй
æвæрыс, 7 уый тыххæй дын Æз дæ ныхмæ
æрбакæндзынæн æндæрбæстæгты, адæм-
ты фыддæрты, æмæ уыдон сласдзысты сæ
кæрдтæ дæ цæхæркалгæ уæлзондмæ æмæ
дын фегад кæндзысты дæ диссаджы фи-
дауц. 8 Дæлдзæхмæ дæ ныппардзысты, æмæ,
тыхмард кæй акæнынц, уыдонау фурды
астæу амæлдзынæ. 9 Æмæ уæд дæ марæджы
раз дæр, адæймаг уæвгæйæ, афтæ зæгъ-
дзынæ, мыййаг, æз хуыцау дæн, зæгъгæ?
10 Ды амæлдзынæ æндæрбæстæгты къухæй,
æнæсунæттæ куыд амæлынц, афтæ, уымæн
æмæ афтæ зæгъын Æз, Дунедарæг Хуыцау».

11 Дунедарæг мын загъта: 12 «Адæймаджы
фырт! Хъарæг кæн Тиры паддзахыл æмæ
йын фехъусын кæн: „Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы:

Алцæмæй æххæст уыдтæ ды,
æвидигæ — дæ уæлзонд,
тæмæнкалгæ — дæ фидауц.
13 Хуыцауы дыргъдоны, Едемы, цардтæ.
Дæ дарæстæ — зынаргъ дуртæй
фæлыст:
лал, топаз, алмаси, хризолит æмæ
ониксæй,
стæй яшмæйæ, сапфирæй, малахи-
тæй, изумрудæй.
Уыдысты се ’ппæт дæр сыгъзæрин
фæлгæтты æвæрд
æмæ дæ уæлæ ’фтыд;
цæттæ уыдысты де сфæлдысты
бонмæ.
14 Дæу байсæрстæуыд,
цæмæй суай хъахъхъæнæг херувим.
Хуыцауы уаз хохыл æрæвæрдтон Æз
дæу,
æмæ цæхæркалгæ дурты астæу
ды рацу-бацу кодтай.
15 Æнæкъæм уыдтæ дæ алы фæндагыл,
куы дæ сфæлдыстæуыд, уыцы бонæй
фæстæмæ,
фæлæ рацыди рæстæг,
æмæ дæ мидæг разынди фыддзинад.
16 Дæ базайрæгтæн нал уыди
ныккæнæн,
æмæ ды байдзаг дæ фыдракæндтæй,
тæригъæд ракодтай.
Фæчъизи дæ, æмæ дæ Æз
Хуыцауы хохæй раппæрстон,
цæхæркалгæ дурты ’хсæнæй
фæсырдтон дæу — хъахъхъæнæг
херувимы.
17 Дæ фидауцæй схъал дæ,
дæ цытуарзагæй байсæфтай дæ
уæлзонд.
Æмæ дæ Æз æрæппæрстон зæхмæ,
паддзæхты раз дæ фæхудинаг кодтон.
18 Дæ бирæ æнаккаг митæй,
дæ фæлывд сæудæджеры куыстæй
дæ уаз бынæттæ фегад кодтай ды.
Дæ сахарыл дын бандзардзынæн арт,
æмæ дæ уый аныхъуырдзæн:
сау фæнык дæ фестын кæндзынæн
зæххыл,
чи дæм кæса, æппæт уыдоны раз.
19 Чи дæ зыдта, уыдон стыр тасы
бафтдзысты,
дæ азармæ кæсгæйæ.
Дæ хъысмæт алкæуыл æвирхъау тас
æфтаудзæн,
бабын уыдзынæ мыггагмæ“».

20 Дунедарæг мын загъта: 21 «Адæймаджы
фырт! Де ’ргом сараз Сидоны ’рдæм æмæ
пехуымпариуæг кæн йæ ныхмæ. 22 Зæгъ ын
Мæ номæй: „Мæхи дыл ныххуырсдзынæн,
Сидон, æмæ дæ адæмы ’хсæн скадджын уы-
дзынæн. Мæ тæрхоны амæттаг уæ куы бакæ-
нон æмæ уын Мæ уаз ном куы раргом кæнон,
уæд базондзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн,

уый. 23Æз дыл ныххуырсдзынæн емынæ,
дæ уынгтæ дын туджы бын фæкæндзынæн,
æмæ мæрдтæй байдзаг уыдзысты, уымæн
æмæ дæм алырдыгæй кард æвзиддзæни.
Уæд базондзыстут, Æз Дунедарæг кæй дæн,
уый. 24Æмæ уæдæй фæстæмæ Израилы адæ-
мæн нал уыдзæни, рæхойæг какон сындзау,
бæхсындзау æй чи тыхсын кæна æмæ йыл
æлгъ чи кæна, ахæм сыхæгтæ“. Æмæ уæд
базондзысты, Æз Дунедарæг Хуыцау кæй
дæн, уый».
25Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: «Изра-
илы адæм цы адæмты ’хсæн ныххæлиу сты,
уырдыгæй сæ куы æрæмбырд кæнон, уæд
сын уыцы адæмты раз раргом кæндзынæн
Мæ уаз ном, æмæ ногæй æрцæрдзысты, кæд-
дæр Мæ цагъар Йаковæн цы зæхх радтон,
ууыл. 26Цæрдзысты йыл æдасæй. Сараздзыс-
ты хæдзæрттæ, ныссадздзысты сæндæттæ,
æмæ йыл æдасæй цæрдзысты, уымæн æмæ
Æз стæрхон кæндзынæн, алырдыгæй сæм
саузæрдæ чидæриддæр дардта, уыдонæн.
Æмæ уæд Израилы адæм базондзысты, Æз
Дунедарæг, сæ Хуыцау, кæй дæн, уый».

**29** Дæсæм азы дыууадæсæм мæйæн йæ
дыууадæсæм бон мын Дунедарæг загъта:
2«Адæймаджы фырт! Де ’ргом аздах фараоны,
Мысыры паддзахы ’рдæм, æмæ пехуымпари-
уæг кæн фараон æмæ æппæт Мысыры ных-
мæ. 3Фехъусын ын кæн: „Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы: фараон, Мысыры паддзах, стыр
кæфхъуындар, Æз сыстдзынæн дæ ныхмæ!
Нилы донæфтæны бадыс æмæ дзурыс, ай мæ
цæугæдон у, мæхицæн æй саразтон, зæгъгæ.
4Фæлæ дæ Æз æрцахсдзынæн æнгуырæй
æмæ дæ сæппардзынæн дæ цæугæдонæй,
Нилы æппæт кæсæгтæ дын дæ хæрвыл æр-
цауындздзынæн, афтæмæй. 5Нилы æппæт
кæсæгтимæ дæ фехсдзынæн æдзæрæг ран,
тыгъд быдыры, æмæ дыл уым ничи бамæт
кæндзæн, ничи дæ баныгæндзæн. Хъæд-
даг сырдтæн æмæ мæргътæн дæ бахæрын
кæндзынæн. 6Æмæ уæд Мысыры цæрджы-
тæ иууылдæр базондзысты, Æз Дунедарæг
кæй дæн, уый.
Ды Израилы адæмæн разындтæ хъæзæй
конд лæдзæгау: 7куы дыл ныххæцыдысты,
уæд афастæ æмæ сын сын се уæхсчытæ ныр-
рæхуыстай; куы дыл æрæнцой кодтой, уæд
асастæ, æмæ сæ къæхтæ фæдыдæгътæ сты.
8Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: мæнæ дæм Æз кард сисдзынæн,
ныццæгъддзынæн дын дæ адæмы дæр æмæ
дæ фос дæр. 9Мысыры зæхх æдзæрæг тыгъд
быдыр фестдзæн, æмæ уæд Мысыры адæм
базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.
Ды, фараон, афтæ загътай, Нил мæн у,
мæхицæн æй саразтон, зæгъгæ. 10Фæлæ
Æз Ме ’ргом сараздзынæн дæ цæугæдætты
ныхмæ æмæ Мысыры зæхх фестын кæн-
дзынæн гæныстон сыгъд быдыр, Мигдо-
лæй Сиенейы онг, суанг Эфиопийы арæны
онг. 11Дыууиссæдз азы дæргъы дзы ничиуал
æрцæрдзæни, налдæр ыл адæймаджы къах
æрлæудзæн, налдæр — фосы къах. 12Дыу-
уиссæдз азы дæргъы уыдзæни æдзæрæг йæ
алыварс бæстæтау, йæ сахартæ дæр — гæ-
ныстон, йæ алыварс бæстæты сахартау. Æз
мысырæгты алы бæстæты, алы адæмтыл
ныххæлиу кæндзынæн.
13Уымæн æмæ афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: мысырæгтæ цы адæмты ’хсæн ных-
хæлиу уой, уым сыл дыууиссæдз азы куы
рацæуа, уæд сæ Æз æрæмбырд кæндзы-
нæн. 14Уацарæй сæ фæстæмæ раздахдзынæн
сæ фыдыуæзæгмæ, Патросы зæхмæ, æмæ
уым лæмæгъ паддзахад суыдзысты. 15Сæ
паддзахад иннæ паддзахæдтæй уыдзæ-
ни лæмæгъдæр, æмæ уæд иннæ адæмтæм
æнæвввæрсон цæстæй нал кæсдзысты. Æз
сæ æрæлхъивдзынæн, цæмæй иннæ адæм-
ты мауал æфхæрой. 16Уæдæй фæстæмæ сæ
бон нал бауыдзæн Израилы адæмæн мæнг
ныфсытæ æвæрын. Мæ адæм нал фæрæ-
дидзысты æмæ сыл нал баууæнддзысты,
цæмæй мауал фæазымджын уой, æмæ уæд
мысырæгтæ базондзысты, Æз Дунедарæг
Хуыцау кæй дæн, уый“».
17Нæ ахасты авд æмæ ссæдзæм азы фыц-
цаг мæйæн йæ фыццаг бон мын Дунедарæг
загъта: 18«Адæймаджы фырт! Вавилоны пад-
дзах Навуходоносор Тиры сахарыл куы æр-
тыхст, уæд тынг бакусын кодта йе ’фсадæн.
Фыргуыстæй сæ сæртæ сцæгæр сты æмæ
сæ уæхсчытæ стугæрхæмттæ сты. Фæлæ
Навуходоносор Тиры ныхмæ цы хъазуатон
куыст бакодта, уый тыххæй нæдæр йæхædæг
райста хæрзиуæг, нæдæр йе ’фсад. 19Уымæ
гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: мæ-
нæ Æз Вавилоны паддзах Навуходоносорæн
Мысыры зæхх дæттын. Йæ бирæ исбон ын
байсæд æмæ йæ ныххæлæттаг кæнæд, басти-
гъæд æй — йе ’фсадæн уый уыдзæни йæ хæр-
зиуæг. 20Уым цы бацархайдта, уый сæрмæ
йын Æз Мысыры зæхх хæрзиуæгæн дæттын,
уымæн æмæ уыдон балæггад кодтой Мæ-
нæн, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. 21Уыцы бон

**29:1** Ома паддзах Цедекиайы хицауиуæджы дæсæм аз.

Æз Израилы адæмы ногæй схъомысджын кæндзынæн, дæуæн та ратдзынæн уыдонæн пехуымпариуæг кæныны бар, æмæ уæд базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый».

**30** Дунедарæг мын загъта: [2]«Адæймаджы фырт! Фехъусын кæн рагуац: афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: еххæй кæнут æмæ дзурут:
„Уæ, сау бон!
[3] Æрæввахс ис сау бон!
Хуыцауы тæрхоны бон,
сау бон æрæввахс,
адæмтæн сæ азары бон æрхæццæ кæны!
[4] Карды амæттаг бауыдзæни Мысыр,
риздзысты Эфиопийы дзыллæтæ фыр тæссæй,
цагъды куы фæуой Мысырæн йæ адæм,
хæлæттаг куы фæуа йæ фæллой,
куы ныппырх уой йæ бындуртæ“.
[5]Эфиопи, Пут, Луд æмæ Кувы цæрджытæ, стæй иннæ адæмыхæттытæ се ’ппæт дæр æмæ, фидыд кæимæ сарæзтон, уыцы бæстæйы адæм дæр карды амæттаг бауыдзысты мысырæгтимæ».
[6]Афтæ зæгъы Дунедарæг: «Мысыры фарсчи хæцы, уыцы æфсæдтæ дæрæнгонд æрцæудзысты, сæрыстыр кæй хъомысæй у, йæ уыцы æфсад дæр бабын уыдзæни. Карды амæттаг бауыдзысты Мигдолæй Сиенейы онг, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. — [7]Федзæрæг уыдзæн Мысыр йæ алыварс бæстæтау, йæ сахартæ дæр уыдзысты гæныстон йæ алыварс бæстæты сахартау. [8]Сæ бæстæйыл сын арт куы бандзарон æмæ сæ фарсхæцджытæ саст куы ’рцæуой, уæд мысырæгтæ базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.
[9]Уыцы бон наутыл фидиуджытæ арвитдзынæн, цæмæй æнæмæт эфиопæгты стыр тасы бафтауой. Æмæ Мысырæн йе сæфты бон куы ралæууа, уæд эфиопæгтæ фыр тæссæй нырриздзысты. Уый рæхджы сæххæст уыдзæн!»
[10]Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: «Æз Мысыры æнæнымæц адæмы Вавилоны паддзах Навуходоносоры къухæй скуынæг кæндзынæн. [11]Уый йæ адæмимæ, адæмты фыддæртимæ, æрбацæудзæни Мысыры зæхх бабын кæнынмæ. Сæ кæрдтæ сласдзысты Мысырмæ æмæ йын йæ зæхх мæрдты бын фæкæндзысты. [12]Нилы цæугæдон бахус кæндзынæн, бæстæ та фыдгæнджыты къухтæм ратдзынæн. Æндæрбæстæгты къухæй ныггæныстон кæндзынæн Мысыры æппæт бæстæ дæр. Уый зæгъын Æз, Дунедарæг».
[13]Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: «Æз ныппырх кæндзынæн Мысыры гуымирытæ, кæрон скæндзынæн Нофы мæнгхуыцæуттæн. Мысыры бæстæйы нал сæнтысдзæни барджын æлдар, йæ адæмыл та йын æвирхъау тас бафтаудзынæн. [14]Патросы зæхх хæлæттаг фæкæндзынæн, Цоаны сахарыл арт бандзардзынæн, Нойы сахарæн стæрхон кæндзынæн.
[15]Мæ азар ныххуырсдзынæн Синыл — Мысыры фидарыл, скуынæг кæндзынæн Нойы сахары æнæнымæц адæмы. [16]Мысырыл арт бандзардзынæн, Сины фидар нынкъуысдзæн, Нойы сахар ныппырх уыдзæн, Нофы сахармæ та боныгон бабырсдзысты фыдгултæ. [17]Он æмæ Пи-Бесеты фæсивæд карды амæттаг бауыдзысты, сахартæн сæ иннæ адæмы та уацары райсдзысты. [18]Тахпанхесы сахары мидæг Мысыры æфсондз куы ныппырх кæнон, уæд уым батар уыдзæни бон. Мысыр сæрыстыр кæмæй у, йæ уыцы хъомысæн кæрон æрцæудзæн. Мигъы бын фæуыдзæни Мысыр, йæ сахарты адæм та бахаудзысты уацары. [19]Æз Мысырæн стæрхон кæндзынæн, æмæ уæд базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый».
[20]Иуæндæсæм азы фыццаг мæйæн йæ æвдæм бон мын Дунедарæг загъта: [21]«Адæймаджы фырт! Æз фараонæн, Мысыры паддзахæн, йæ цонджы хъомыс басастон. Йæ хъæдгом баст не ’рцыди, цæмæй сдзæбæх уа æмæ фæстæмæ кард райсынхъом суа».
[22]Уымæ гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: «Æз Мæхи ныххуырсдзынæн фараоныл, Мысыры паддзахыл, æмæ йын ныппырх кæндзынæн йæ цæнгтæ, йæ дзæбæх цонг дæр æмæ йæ саст цонг дæр, æмæ йæ кард æрхаудзæни йæ къухæй. [23]Æз мысырæгты ныххæлиу кæндзынæн алы бæстæтыл, алы адæмтыл. [24]Вавилоны паддзахæн йæ цæнгты хъару сфидар кæндзынæн, йæ къухы йын бавæрдзынæн Мæ кард, фараоны цæнгты хъару та басæтдзынæн, æмæ Вавилоны паддзахы раз мæлæтдзаг цæфæй хъæрздзæн.
[25]Вавилоны паддзахы цæнгтæ стыхджын кæндзынæн, фараонæн та йе уæнгтæ æркæлдзысты. Мæ кард Вавилоны паддзахы къухы куы бакæнон, Мысырыл ныхмæ йæ сисыны тыххæй, уæд мысырæгтæ базондзысты, æз Дунедарæг кæй дæн, уый. [26]Мысырæгты алы бæстæты, алы адæмтыл ’хсæн ныххæлиу кæндзынæн, æмæ уæд базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый».

**31** Иуæндæсæм азы æртыккаг мæйæн йæ фыццаг бон мын Дунедарæг загъта:

2«Адæймаджы фырт! Зæгъ фараонæн, Мы-
сыры паддзахæн, стæй йæ адæмæн:

„Кæимæ абардзынæ дæ хъомыс?
3 Бакæс-ма Ассиримæ — ливайнаг
кедрмæ;
уыд ауондар, йæ
къабузтæ — рæсугъд,
бæрзонд — йæ зæнг,
йæ цъуппæй æврæгътыл ныдзæвыд.
4 Уый донæфсæстæй рæзыд,
дæлдзæхы донæй ахæцыд хердмæ,
йæ дæттæ йын æртыхстысты йæ
зæнгыл,
æппæт бæлæстæн донхорыг
лæвæрдта.
5 О, ацы бæлас басгуыхти бæрзонддæр,
стæй къабузджындæр хъæды æппæт
бæлæстæй,
йæ къалиутæ дæр донæфсæстæй
райрæзтысты.
6 Алы мæргътæ-иу йæ къалиутыл ахс-
тæттæ сбыдтой,
йæ къабузты бын-иу сæ зæйц рауагъ-
той алы сырдтæ,
йæ ауоны-иу æрбынат кодтой
алы стыр знæмтæ.
7 Куыд диссаджы рæсугъд уыди, куыд
бæрзонд,
куыд даргъ уыдысты йæ къабузтæ,
уымæн æмæ стыр дæтты былгæрон
ауагъта йæ уидæгтæ.
8 Хуыцауы дыргъдоны кедрты цур дæр
йæ хуыз нæ тар кодта.
Нæ уыдысты йæ къалиуты фидауцæн
кипаристæ,
йæ къабузты ставдæн — тæрс
бæлæстæ.
Хуыцауы дыргъдоны бæлæсты астæу
йæ рæсугъдæн æмбал нæ уыди.
9 Йæ бирæ къабузтæй йæ сфæлыстон
Мæхæдæг,
хæлæг æм кодтой Едемы бæлæстæ,
Хуыцауы дыргъдоны сагъд чи уыди,
уыдон“».

10Уымæ гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы: «Бæрзонд кæй сырæзыд, йæ цъуп-
пæй æврæгътыл кæй æндзæвыд æмæ йе
стырадæй кæй схъал, 11уый тыххæй йæ Æз
радтон адæмты паддзахы къухтæм, æмæ
йын уый бакодта, куыд ын хъуыди, афтæ.
Æз ыл Мæхи атигъ кодтон йе ’наккаг миты
аххосæй. 12Акъуырдтой йæ æндæрбæстæгтæ,
адæмты фыддæртæ, æмæ йæ афæлдæхтой
хæхтыл. Æппæт дæлвæзтыл адæргъ сты йæ
къабузтæ, йæ къалиутæ ныппырх сты æппæт
мæсчъытыл. Йæ ауоны цы знæмтæ царди,
уыдон æй ныууагътой æмæ ацыдысты. 13Йæ
калд зæнгыл ын алы мæргътæ æрбадтысты,
йæ къалиутыл та алы сырдтæ æрцардысты.
14Уæдæ донбыл сагъд бæлæстæй йæ зæн-
джы бæрзондæй макæцы раппæлæд æмæ сæ
æврæгъты онг йæ цъупп макæцы сисæд. Дон
нуазæг бæлæстæй йæхи макæцы уæлдæр
кæнæд иннæтæй, уымæн æмæ се ’ппæт дæр
лæвæрд æрцæуудзысты мæлæтмæ — ингæн-
мæ, мæрдтыбæстæм цы адæм ныххызтысты,
уыдонимæ».
15Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: «Бæлас
мæрдтыбæстæм куы ныххызт, уæд ыл Æз
бахъынцъым кæнын кодтон æгæрон фурд.
Сæхгæдтон æй, бацауæзтон ын йæ цæу-
гæдæттæ, æрлæууын кодтон стыр дæттæ
æмæ Ливанæн ацы бæласыл сау дарын ба-
фæдзæхстон. Хъыг ыл кодтой хъæды иннæ
бæлæстæ иууылдæр. 16Мæрдтыбæстæм æй
куы ныппæрстон, ингæнтæм чи ныххызти,
уыдонмæ, уæд йæ афæлдæхты уынæрæй
нынкъуысыдысты адæмтæ, дæлдзæхы та
ныццин кодтой Едемы æппæт бæлæстæ,
стæй Ливаны кæддæры донæфсæст æвзаргæ
бæлæстæ иууылдæр. 17Уымæн æмæ йæ цæ-
дисонтæ, йæ ауоны чи цард адæмты ’хсæн,
уыдон дæр йемæ ныххызтысты мæрдты-
бæстæм, карды амæттаг чи баци, уыдонмæ.
18Уæдæ ды Едемы бæлæстæй кæй бай-
йæфтай дæ кад æмæ дæ хъомысæй? Ныр
ды дæр Едемы бæлæстау æппæрст æрцæу-
дзынæ мæрдтыбæстæм æмæ æнæсунæт-
ты, карды амæттаг чи баци, уыдоны ’хсæн
лæзæрдзынæ. Уыдон сты фараон æмæ йæ
бирæ дæм», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**32** Дыууадæсæм азы дыууадæсæм мæ-
йæн йæ фыццаг бон мын Дунедарæг загъта:
2«Адæймаджы фырт! Ныхъхъарæг кæн фара-
оныл, Мысыры паддзахыл: „Адæмты ’хсæн
ды уыдтæ домбайы лæппынау, денджызы
кæфхъуындарау, дæ цæугæдæтты-иу фынк
калдтай дæ фындзæй, дæ дзæмбытæй-иу
дæттæ сызмæстай, æмæ-иу фестадысты
лакъон“.
3Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: бирæ
адæмты раз дыл Мæ ахсæн хыз баппар-
дзынæн, æмæ дæ уыдон æрцахсдзысты Мæ
хызы. 4Æз дæ тыгъд быдыры фехсдзынæн

**31:3** Ливайнаг кедртæ уыдысты тынг бæрзонд æмæ лæууы-
дысты мингай азтæ, уымæ гæсгæ-иу арæх систы паддзахдзи-
нады символ.

зæххыл, æмæ-иу дыл æрбаддзысты алы
тæхгæ мæргътæ, сæхи дæ æфсаддзысты
алы хъæддаг сырдтæ. 5Дæ холыйы фыд дын
ныппырх кæндзынæн хæхтыл, байдзаг дзы
кæндзынæн дæлвæзтæ. 6Зæхх бафсаддзы-
нæн дæ тугæй, уый анхъæвздзæни суанг
хæхты онг, байдзаг дзы уыдзысты мæсчъы-
тæ. 7Куы бабын уай, уæд Æз сæхгæндзынæн
арв, стъалытæ бамынæг кæндзынæн, хур
мигъы аууон бакæндзынæн, æмæ мæй дæр
нал ратдзæн йæ рухс. 8Дæ сæрмæ арвыл
цыдæриддæр рухсгæнæнтæ ис, уыдон ба-
тар кæндзынæн æмæ зæххыл саудалынг
бафтаудзынæн, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
9Дæ сæфты хабар дын куы айхъуысын
кæнон, уæд æвирхъау тасы бацæудзысты
бирæ адæмтæ, суанг йæ кой кæмæн никуы
фехъуыстай, уыдон дæр. 10Фыд тас сыл ба-
хæцдзæн, сæ паддзæхтæ дæр фыр тæссæй
риздзысты, Мæ кардæй сæм куы февзидон,
уæд. Дæ сæфты бон сæ алчидæр тæрсдзæ-
ни йæ удæн.
11Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: Вави-
лоны паддзах йæ кард сисдзæни дæ ныхмæ.
12Тыхгæнджыты кардæй бабын уыдзысты
дæ адæм. Уыдон сты адæмты фыддæртæ
æмæ бабын кæндзысты Мысыры æфсад, сæ-
рыстыр кæмæй у, уый. Йæ адæм иууылдæр
цагъды фæуыдзысты.
13Æз ын йæ бирæ фос ныццæгъддзынæн
Нилы былгæрæтты, æмæ йын йæ дæттæ нал-
дæр лæджы къах змæнтдзæн, налдæр фосы
сæфтæг. 14Афтæмæй Нилы донæн Æз рат-
дзынæн æнцой, æмæ йæ дæттæ акæлдзысты
сойау, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. — 15Мы-
сыры зæхх куы федзæрæг кæнон, йе 'ппæт
адæмы дæр ын куы ныддæрæн кæнон æмæ
йæ ис-бисæй æнæхай куы фæуа, уæд базон-
дзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.
16Уæд скæндзысты хъарæг, æмæ-иу уыцы
хъарæг сисдзысты алы адæмты сылгоймæг-
тæ. Хъарæг кæндзысты Мысырыл æмæ йæ
бирæ адæмыл, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау».
17Дыууадæсæм азы дыууадæсæм мæйæн
йæ фынддæсæм бон мын Дунедарæг загъ-
та: 18«Адæймаджы фырт! Ныхъхъарæг кæн,
ныронг чи фæмарди, уыдонау дæлдзæхмæ
ныххауинæгтыл — Мысыры адæмыл æмæ
иннæ хъомысджын адæмты чызджытыл.

19 Кæмæй уæлдæр дæ ды?
Ныххау дæлдзæхмæ æмæ уым
æнæсунæтты раз æрхуысс!
20 Карды амæттаг чи баци, уыдонау
ды дæр æрхуысдзынæ сæ цуры.
Ныридæгæн цæттæ у кард —
бабын уæд фараон йе 'ппæт
æрдонгтимæ!
21 Мæрдтыбæстæйы уымæн дæр
æмæ йæ цæдисонтæн дæр
фидистæ куы кæндзысты хъомыс-
джын хæстонтæ.
Мысырæгтæ карды амæттаг куы
бауыдзысты,
æрхуысдзысты æнæсунæтты раз.

22 Уым — Ассири йе 'ппæт æфсадимæ,
йæ алыварс — йæ хæстонты цыртытæ,
иууылдæр куы бабын сты кардæй.
23 Ассирийы цыртытæ —
мæрдтыбæстæн суанг йæ тæккæ
арфы,
йæ цырты алыварс — йе 'ппæт æфсад;
уæлæуыл стыр тас чи æфтыдта, уыдон
иууылдæр куы бабын сты кардæй.

24 Уым — Елам йе 'ппæт æфсæдтимæ йæ
цырты алыварс;
дæлдзæхмæ æнæсунæтæй чи
ныццыд,
уæлæуыл стыр тас чи æфтыдта, уыдон
иууылдæр куы бабын сты кардæй;
дæлдзæхмæ чи ныццыди,
уыдонимæ дих кæнынц сæ худинаг.
25 Кæй амардæуыд, уыдоны раз Еламæн
рардæуыди хуыссæн йе 'ппæт
æфсæдтимæ,
йæ алыварс — сæ цыртытæ;
иууылдæр — æнæсунæттæ, карды
амæттæгтæ.
Уæлæуыл цардудтыл æвирхъау тас
æфтыдтой æмæ ныр,
дæлдзæхмæ чи ныццыди, уыдонимæ
дих кæнынц сæ худинаг,
уыдоны 'хсæн сæ сæвæрдтой.

26 Уым — Мешех æмæ Тувал се 'ппæт
æрдонгтимæ,
сæ алыварс — сæ цыртытæ;
иууылдæр — æнæсунæттæ, карды
амæттæгтæ,
уымæн æмæ уæлæуыл
æвирхъау тас æфтыдтой цардудтыл.
27 Уыдонæн дæр сæ хъысмæт —
æнæсунæт хæстонты раз æрхуыссын,
æд хотыхтæ мæрдтыбæстæм чи
ныццыд,
сæ кæрдтæ сæ нывæрзæн кæмæн сты,
сæ уартытæ се стджытыл кæмæн
равæрдтой.

Кæддæр та уыдон уæлæуыл
æвирхъау тас æфтыдтой цардудтыл.
28 Ды дæр æрцæудзынæ æнæсунæттау
сæфт,
карды амæттаг чи баци, уыдоны раз
æрхуысдзынæ.

29Уым дæм æнхъæлмæ кæсы Едом йæ пад-
дзæхтæ æмæ йе 'ппæт æлдæрттимæ, карды
амæттаг чи баци, уыцы хъæбатыр хæстон-
тимæ. Уым хуыссынц, мæрдтыбæстæм чи
ныццыди, уыцы æнæсунæтты раз.
30Уым дæм æнхъæлмæ кæсынц цæгаты
барджын æлдæрттæ иууылдæр, стæй æппæт
сидойнæгтæ. Уыдон дæр — хъæбатыр хæс-
тонтæ, уæлæуыл цардудтыл æфтыдтой стыр
тас æмæ, кæй амардæуыд, уыдонимæ ныц-
цыдысты дæлдзæхмæ, уым, карды амæттаг
чи баци, уыдонимæ дих кæнынц сæ худинаг.
31Фараон сæ фендзæн æмæ нал хъынцъым
кæндзæн йæ бирæ адæмыл. Карды амæттаг
бауыдзысты фараон æмæ йе 'ппæт æфсад, —
зæгъы Дунедарæг Хуыцау. — 32Уæлæуыл
цардудты Æз бауадздзынæн фыд тас, фараон
æмæ йæ бирæ адæм та æвæрд æрцæудзысты
æнæсунæтты раз, карды цæфæй чи фæмарди,
уыдоны раз», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**33** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Дæ адæмæн фехъусын кæн Мæ ныхас:
Æз искæцы бæстæйыл фыдгулы кард куы
ныххуырсон, уæд, гæнæн ис, æмæ уыцы
бæстæйы адæм се 'хсæнæй хъахъхъæнæг
равзарой сæхицæн. 3Æмæ уыцы хъахъхъæ-
нæг бæстæмæ æвзидæг кард куы фена, уæд
сыкъауадындзæй ныууасдзæн, цæмæй адæ-
мы рагацау бахиза. 4Фæлæ сыкъауадындзы
хъæр чи фехъуса, уый йæхи нæ бахызта,
зæгъгæ, уæд карды амæттаг бауыдзæн, æмæ
йæ тугныккалды аххосджын уыдзæни йæ-
хæдæг. 5Сыкъауадындзы хъæр фехъуыста,
фæлæ йæхи нæ бахызта, уымæ гæсгæ йæ
тугныккалды азымджын йæхæдæг уыдзæн.
Йæхи чи бахиза, уый та йæ уд фервæзын
кæндзæн.
6Хъахъхъæнæг æвзидгæ кард куы фена,
фæлæ сыкъауадындзæй куынæ ныууаса,
цæмæй адæмы бахиза, уый тыххæй, уæд,
фыдгулы кард кæй баййафа, уый йæ тæри-
гъæды аххосæй карды амæттаг бауыдзæн,
фæлæ Æз дзуапп æрдомдзынæн дæуæй.
7Адæймаджы фырт! Æз дæ Израилы адæ-
мæн сæвæрдтон хъахъхъæнæгæй, æмæ
ды хъусдзынæ Мæ ныхас æмæ сæ рагацау
фæдзæхсдзынæ Мæ номæй. 8Æнаккагæн Æз
афтæ куы зæгъон, æнæмæнг амæлдзынæ,
зæгъгæ, æмæ йæ ды рагацау куынæ бахизай,
цæмæй йæ фыдвæндæгтæ ныууадза, уый тых-
хæй, уæд æнаккаг амæлдзæн йæ тæригъæды
аххосæй, фæлæ Æз дзуапп æрдомдзынæн
дæуæй. 9Рагацау æй куы бахизай, дæ фыдвæн-
дæгтæ ныууадз, зæгъгæ, æмæ сæ уый куынæ
ныууадза, уæд уый амæлдзæн йæ тæригъæды
аххосæй, ды та дæ уд фервæзын кæндзынæ.
10Адæймаджы фырт! Израилы адæмæн аф-
тæ зæгъ: „Сымах дзурут: ‚Нæ фыдракæндтæ
æмæ ныл нæ тæригъæдтæ уæз кæнынц! Мæ-
лæты къахыл куы лæууæм, уæд цы фæуæм?‘
“ 11Зæгъ сын: „Сомы кæнын Мæхицæй, — зæ-
гъы Дунедарæг Хуыцау, — Мæн нæ фæнды,
цæмæй тæригъæдджын амæла, уый. Мæн
фæнды, цæмæй йæ фыдвæндæгтæ ныууадза
æмæ цæра. Раздæхут, уе 'накаг митæ ныу-
уадзут! Израилы адæм, уæхи цæмæн сафут?“
12Адæймаджы фырт! Дæ адæмæн афтæ
зæгъ: „Рæстгæнæджы йæ рæстад нæ фервæ-
зын кæндзæн, тæригъæд куы сараза, уыцы
бон, фыдгæнæг та йæ раздæры фыдракæнд-
ты тыххæй нæ бабын уыдзæн, куы сæ ныу-
уадза, уæд; рæстгæнæг дæр, тæригъæд ми
куы ракæна, уæд удæгасæй нæ баззайдзæн.
13Рæстгæнæгæн куы зæгъон, цæрдзынæ,
зæгъгæ, æмæ уый, йæ рæстадыл йæ зæр-
дæ даргæйæ, æнæраст ми куы ракæна, уæд
нымад не 'рцæудзысты йæ раздæры раст
хъуыддæгтæ, æмæ афтæмæй амæлдзæни йе
'нæраст мийы аххосæй. 14Æнаккагæн куы зæ-
гъон, æнæмæнг амæлдзынæ, зæгъгæ, фæлæ
йæ фыдракæндтæ куы ныууадза æмæ рæстæй
цæрын куы райдайа, 15йæ хæсджынæн йæ
цъынды фæстæмæ куы ратта, цы адавта, уый
куы бафида, цардæттæг уагæвæрдтæм гæсгæ
куы цæра æмæ æвзæрæй куы ницы кæна, уæд
цæрдзæни, нæ амæлдзæн. 16Цыдæриддæр
тæригъæдтæ ракодта, уыдонæй йын иу дæр
нæ бадардæуыдзæн йæ цæстмæ; рæстæй
цæрын райдыдта æмæ æнæмæнг цæрдзæни“.
17Дæ адæм дзурынц, Дунедарæджы хъу-
ыддæгтæ раст не сты, зæгъгæ, афтæмæй та
сæхи хъуыддæгтæ не сты раст. 18Рæстгæнæг
йæ рæстадæй йе 'ргом куы аздаха æнæраст
митæ куы кæна, уæд амæлдзæн. 19Фыдгæнæг
йе 'наккаг митæ куы ныууадза æмæ рæстæй
цæрын куы райдайа, уæд цæрдзæни. 20Сы-
мах та дзурут, Дунедарæджы хъуыддæгтæ
раст не сты, зæгъгæ. Израилы адæм, Æз уын
стæрхон кæндзынæн, алкæмæн дæр — йæ
хъуыддæгтæм гæсгæ».
21Нæ ахасты дыууадæсæм азы дæсæм мæ-
йæн йæ фæндзæм бон мæм Йерусалимы

лигъдæттæй иу æрбацыд æмæ мын загъта:
«Сахар дæрæнгонд æрцыд». 22Фæлæ мыл
йе ’рбацыды размæ Дунедарæг изæрæй Йæ
арм æруагъта, æмæ мæм лигъдон сæумæйæ
куы ’рбацыди, уæдмæ мын байгом кодта
мæ дзых. Ме ’взаг мын суæгъд кодта æмæ
æз нал уыдтæн æгомыг.
23Дунедарæг мын загъта: 24«Адæймаджы
фырт! Израилы хæлддзæгты чи цæры, уыдон
дзурынц: „Авраам, иу лæг уæвгæйæ, ацы
зæхх исбонæн райста, мах та бирæ стæм
æмæ ацы зæхх махæн лæвæрд у“. 25Уымæ
гæсгæ сын фехъусын кæн: „Дунедарæг Ху-
ыцау афтæ зæгъы: сымах дзидза тугимæ
хæрут, уæ гуымирытæм уе ’ргом аздæхтат,
туг калут æмæ ма ноджы зæхх дæр уæхи ба-
кæнинаг стут? 26Сымах ныфсджын стут уæ
кардæй, æлгъаг митæ кæнут, иу уæ иннæйы
усы фæчъизи кæны, æмæ ма зæхх дæр уæхи
бакæнынмæ хъавут?“
27Фехъусын сын кæн: „Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы: сомы кæнын Мæхицæй: хæлд-
дзæгты ’хсæн чи цæры, уыдон карды амæттаг
бауыдзысты; быдыры чи ис, уыдоны хъæддаг
сырдтæн бахæрын кæндзынæн, фидæрттæ
æмæ лæгæтты чи ис, уыдон та амæлдзысты
емынæйæ. 28Бæстæ æдзæрæг быдыр фестын
кæндзынæн, кæрон æрцæудзæн, сæрыстыр
кæмæй уыд, йæ уыцы хъомысæн. Израилы
хæхтæ сафтид уыдзысты, иу цæуæг сыл нал
уыдзæн. 29Æмæ, се ’лгъаг миты тыххæй бæс-
тæ æдзæрæг быдыр куы фестын кæнон, уæд
базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый“.
30Адæймаджы фырт! Дæу тыххæй дæ адæм
сисрæбынты æмæ хæдзæртты къæсæртыл
дзурынц иу иннæмæн, æфсымæр æфсымæ-
рæн: „Цæут, байхъусут, Дунедарæгæй цы
ныхас рацыд, уымæ“. 31Æрбацæудзысты дæм
къордтæ-къордтæй, æрбаддзысты дæ разы
æмæ дын хъусдзысты дæ ныхæстæм, фæлæ
сæ не ’ххæст кæндзысты; дзыхæй дын козбау
митæ кæндзысты, сæ зæрдæ та агурдзæни
пайда. 32Ды сын уыдзынæ æхцон зарæггæ-
нæг, зæрдæмæдзæугæ хъæлæс кæмæн ис,
ахæм, арæхстджын фæндырдзæгъдæг. Æмæ
дын хъусдзысты дæ ныхæстæм, фæлæ сæ не
’ххæст кæндзысты. 33Фæлæ дæ рагуац куы
сæххæст уа, — ныридæгæн æххæст кæнын
райдыдта, — уæд базондзысты, се ’хсæн
пехуымпар кæй уыд, уый».

**34** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Израилы адæмæн сæ фыййæутты
ныхмæ пехуымпар ныхас фехъусын кæн.
Зæгъ сын: „Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау:
додой сæ къона Израилы фыййæуттæн, сæхи
мæт чи кæны, уыдонæн! Ау, сымах хъуа-
мæ уæ дзуджы мæт ма кæниккат? 3Сымах
æхсыр нуæзтат, фæсмын дарæстæ дардтат
æмæ хæрзхаст фыстæ æргæвстат, рæгъауыл
та нæ аудыдтат. 4Лæмæгъ фосмæ нæ зыл-
дыстут, рынчынты нæ дзæбæх кодтат, сæ
хъæдгæмттæ-иу сын нæ бабастат, дзæгъæл
фосы-иу не ’рбаздæхтат фæстæмæ, сæфты-
иу нæ бацагуырдтат, семæ уыдыстут карз
æмæ æгъатыр. 5Мæ фос ныххæлиу сты æнæ
фыййауæй, хъæддаг сырдты амæттаг баисты.
6Адзæгъæл сты алы хæхтæ, алы бæрзæнд-
тыл, ныххæлиу сты æппæт зæххы цъарыл,
æмæ ничи цæуы сæ фæдыл, ничи сæ агуры.
7Уымæ гæсгæ, фыййæуттæ, æрбайхъусут
Дунедарæджы ныхасмæ. 8Сомы кæнын Мæ-
хицæй, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — Мæ
фос æнæ фыййауæй æфтиаг кæй фестадысты,
хъæддаг сырдты амæттаг кæй баисты, Мæ
фыййæуттæ сæ кæй нæ агуырдтой æмæ фос
хизыны бæсты сæхи мæт кæй кодтой, 9уый
тыххæй, фыййæуттæ, æрбайхъусут Дунеда-
рæджы ныхасмæ. 10Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: Æз сыстдзынæн фыййæутты ныхмæ,
мæ фос сæ æрцагурдзынæн. Фос хизын сын
нал бабар кæндзынæн, æмæ нал кæндзысты
сæхи мæт. Мæ фосы фыд сын сласдзынæн сæ
дзыхтæй æмæ йæ нал хæрдзысты.
11Уымæ гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы: Æз Мæхæдæг бацагурдзынæн Мæ
фос æмæ сæм æркæсдзынæн. 12Фыййау, чи
ныххæлиу, йæ уыцы фосы дзуг ногæй куыд
банымайы, афтæ Æз дæр банымайдзынæн
Мæ фос, суæгъд сæ кæндзынæн, сау æмæ
мигъдзаст бон сæ кæдæм фæтардæуыд, уыцы
рæттæй. 13Ракæндзынæн сæ, цы адæмтæ, цы
бæстæтыл ныххæлиу сты, уырдыгæй æмæ сæ
æрбакæндзынæн сæ зæхмæ. Хиздзынæн сæ
Израилы хæхтыл, цæугæдæтты цур, бæстæйы
æппæт уæтæрты. 14Сойджын сæрвæты сæ хиз-
дзынæн, Израилы бæрзонд хæхтыл уыдзæни
сæ уæтæр. Ривæд кæндзысты уыцы дзæбæх
уæтæры æмæ хиздзысты сойджын сæрвæты,
Израилы хæхтыл. 15Æз Мæхæдæг хиздзынæн
Мæ фос, Мæхæдæг сын фæлладуадзæн рæстæг
ратдзынæн, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. —
16Сæфт фосы-иу ссардзынæн, чи фæдзæгъæл
уа, уый-иу фæстæмæ æрбаздахдзынæн, фæ-
цæф ис, зæгъгæ, уæд-иу ын бабæтдзынæн йæ
хъæдгом, рынчынмæ-иу базилдзынæн, æгæр
чи снард æмæ абухгæ чи кæны, уыцы фосы та
фесафдзынæн, хиздзынæн сæ рæстæй.
17Сымахæн та, Мæ дзуг, Дунедарæг Хуы-
цау афтæ зæгъы: Мæ дзуджы фысты ’хсæн,

фыстæ æмæ сæгъты ’хсæн, Æз быцæу æв-
зардзынæн Мæхæдæг. 18Сойджын сæрвæты
кæй хизут, уый сымах фагыл нæ нымайут
æмæ йын йæ уæлдай ссæндут уæ къæхтæй;
сымах нуазут сыгъдæг дон, йæ уæлдай та
йын змæнтут уæ къæхтæй, 19æмæ афтæмæй
Мæ иннæ фос хæрдзысты уæ къæхтæй ссæст
æмæ нуаздзысты уæ къæхтæй змæст.

20Уымæ гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы: Æз Мæхæдæг æвзардзынæн быцæу
нард фыс æмæ мæллæг фысы ’хсæн. 21Æппæт
лæмæгъты дæр сымах фесхойут уæхскæй
æмæ сынæгæй, цæвут сæ уæ сытæй, цалын-
мæ сæ дзугæй иуварс нæ асурут, уалынмæ.
22Æз суæгъд кæндзынæн Мæ фосы, æмæ нал
цæудзысты тæлæтгонд. Æз-иу Мæхæдæг
фысты ’хсæн быцæу равзардзынæн.

23Мæ фосы сæргъы сæвæрдзынæн иу фый-
йауы, чи сæ хиза, уый — Мæ цагъар Давиды.
Уый сæ хиздзæн, уыдзæни сæ фыййау. 24Æз,
Дунедарæг, уыдзынæн сæ Хуыцау, Мæ цагъар
Давид та уыдзæни сæ фæтæг. Уый зæгъын
Æз, Дунедарæг.

25Æз семæ сараздзынæн фарны фидыд, сæ
зæххæй сын асурдзынæн тугдзых сырдты,
æмæ æдасæй цæрдзысты тыгъд бырды,
æнæмæтæй хуысдзысты хъæдты. 26Раар-
фæ кæндзынæн уыдонæн дæр æмæ Мæ уаз
бæрзæнды алфамбылæйттæн дæр, афоныл
сын дæтдзынæн къæвдатæ — уыдон уы-
дзысты фарны къæвдатæ. 27Æмæ сын алы
бæлас дæр дæтдзæни йæ дыргъ, зæхх та — йæ
тыллæг, æмæ æдасæй цæрдзысты сæ зæх-
хыл. Се ’фхæрджыты къухæй сæ куы суæгъд
кæнон æмæ сын се ’фсондз куы ныссæттон,
уæд базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн,
уый. 28Адæмтæн нал уыдзысты æфтиаг, нал
сæм лæбурдзысты хъæддаг сырдтæ дæр.
Æдасæй цæрдзысты æмæ сыл тас ничиуал
æфтаудзæни. 29Сæ зæххы бæркад сын сбирæ
кæндзынæн, æмæ сыдæй нал мæлдзысты
сæ бæстæйы, адæмтæ сын нал кæндзысты
фидис. 30Уæд базондзысты, Æз, Дунедарæг,
сæ Хуыцау, семæ кæй дæн æмæ уыдон та,
Израилы адæм, Мæ адæм кæй сты, уый, —
зæгъы Дунедарæг Хуыцау. — 31Сымах Мæ
фос стут, Мæ уæтæры дзуг. Сымах адæм
стут сымах, Æз та уæ Хуыцау дæн“», — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау.

**35** Дунедарæг мын загъта: 2«Адæймаджы
фырт! Де ’ргом сараз Сеиры хæхбæстæм æмæ
пехуымпариуæг кæн йæ ныхмæ. 3Фехъусын
ын кæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: Æз
дæ ныхмæ сыстдзынæн, Сеир! Мæ къух дæм
сисдзынæн æмæ дæ æдзæрæг быдыр фестын
кæндзынæн. 4Дæ сахартæ дын хæлддзæгты
кæритæ фестын кæндзынæн; сафтид уыдзы-
нæ æмæ уæд базондзынæ, Æз Дунедарæг кæй
дæн, уый. 5Израилы адæммæ де ’нæуынон-
дзинад æнусон кæй у, уый тыххæй сæ ды
сæ бæллæхы, сæ азары бон, карды амæттаг
бакодтай. 6Æмæ сомы кæнын Мæхицæй, —
зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — дæ туджы дæ
фæмæцын кæндзынæн, тугисджытæ зил-
дзысты дæ фæдыл. Туг ныккалынмæ æмхиц
кæй уыдтæ, уый тыххæй дын дæхи туг дæр
æрцагуырдæуыдзæн.

7Æз Сеиры хæхбæстæ сафтид кæндзы-
нæн, афтид æмæ æдзæрæг тыгъд быдыр
фестдзæни, налдæр æм бацæуæг уыдзæн,
налдæр уырдыгæй рацæуæг. 8Йæ къæдзæхтæ
йын байдзаг кæндзынæн мæрдтæй. Карды
амæттаг-иу чи фæуа, уыдон хаудзысты дæ
къуыбыртыл, дæ дæлвæзты æмæ де ’ппæт
мæсчъыты. 9Мыггагмæ дæ æдзæрæг быдыр
фестын кæндзынæн, дæ сахарты никуыуал
ничи æрцæрдзæн, æмæ уæд базондзыстут,
Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.

10Афтæ кæй дзырдтай, ацы дыууæ адæмы
æмæ ацы дыууæ бæстæйы мæн уыдзысты
æмæ сæ нæхи бакæндзыстæм, зæгъгæ, — аф-
тæмæй та уым Дунедарæг царди, — 11уый
тыххæй Æз сомы кæнын Мæхицæй, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау, — цы æнæуынондзинад
æмæ сæм цы хæлæгдзинад равдыстай, уымæ
гæсгæ дын стæрхон кæндзынæн. Уыдонæн
та Мæхи раргом кæндзынæн, дæуæн куы
тæрхон кæнон, уæд. 12Æмæ базондзынæ, Æз,
Дунедарæг, кæй фехъуыстон, ды Израилы
хæхтæн куыд фидис кодтай, ныггæныстон
сты æмæ нæ амæттаг баисты, зæгъгæ, уый.
13Уæхицæй æппæлыдыстут Мæ разы, уе
’взæгтæ суагътат Мæ ныхмæ. Æз алцыдæр
фехъуыстон.

14Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: Израилы
зæхх цинæй куы райа, уæд дæу та æдзæрæг
быдыр фестын кæндзынæн. 15Израилы исбон
куы ныггæныстон, уæд ды ууыл кæй цин
кодтай, уый тыххæй дын Æз афтæ бакæн-
дзынæн, æмæ ды дæр, Сеиры хох, зауатмæ
æрцæудзынæ, стæй æппæт Едом. Æмæ уæд
базондзысты, Æз Дунедарæг кæй дæн, уый“».

**36** Адæймаджы фырт! Израилы хæхтæн
рагуац фехъусын кæн. Зæгъ сын: «Израилы
хæхтæ, байхъусут Дунедарæджы ныхасмæ!
2Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: фыдгул
сымахæй афтæ кæй зæгъы: „Æгъа! Израилæн
мыггагмæ цы бæрзæндтæ рардæуыд, уыдон

мах исбон баисты“, зæгъгæ, 3уый тыххæй
пехуымпар ныхас фехъусын кæн, зæгъ сын:
Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: алырды-
гæй уæ гæныстон кæнынц, лæбурынц уæм,
цæмæй иннæ адæмты амæттаг бауат, уæ
фыдгой кæной æмæ уыл худой. 4Уый тых-
хæй, Израилы хæхтæ, байхъусут Дунедарæг
Хуыцауы ныхасмæ. Афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: уæ алыварс адæмты амæттаг чи
баци æмæ уыдонæн хынджылæггаг чи сси,
уыцы хæхтæн, къуыбыртæн, мæсчъытæн,
дæлвæзтæн, гæныстон хæлддзæгтæн æмæ
ædзæрæг сахартæн 5афтæ зæгъы Дунедарæг
Хуыцау: Мæ маст пиллон уагъта, афтæмæй
Æз дзырдтон иннæ адæмты ныхмæ, уыимæ
æппæт Едомы ныхмæ дæр, уымæн æмæ Мын
Мæ зæхх бакодтой сæ исбон, цинæй райгæйæ
æмæ æлгъгæнгæйæ».
6Уымæ гæсгæ пехуымпариуæг кæн Израи-
лы тыххæй æмæ зæгъ хæхтæн, къуыбыртæн,
мæсчъытæн æмæ дæлвæзтæн: «Афтæ зæгъы
Дунедарæг Хуыцау: Æз ацы ныхас мæстæй
судзгæйæ дзурын, уымæн æмæ адæмтæн
хынджылæггаг систут. 7Уымæ гæсгæ аф-
тæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: Æз Мæ къух
хæрдмæ систон æмæ расомы кодтон, уæ
алфамбылай адæмтæн сæ хынджылæг сæхи
ныхмæ кæй фæуыдзæн, уый тыххæй. 8Сымах
та, Израилы хæхтæ, рауадздзыстут уæ къа-
бузтæ æмæ Мæ адæм Израилæн дæтдзыстут
уæ дыргъ, уымæн æмæ уыдон рæхджы æрба-
цæуыдзысты. 9Æз уæм раздахдзынæн Ме ’ргом,
æмæ уæ бахуым кæндзысты æмæ байтау-
дзысты. 10Сымахыл æрцæрын кæндзынæн
бирæ адæм — æппæт израилæгты. Уыдон
сахарты æрцæрдзысты æмæ хæлддзæгтæ
рацараздзысты. 11Ныббирæ уыл кæндзынæн
уæ адæм æмæ фос. Уыдон цот уадздзысты
æмæ сбирæ уыдзысты. Раздæры заманау
уыл æрцæрын кæндзынæн бирæ адæм æмæ
уын раздæры заманæй фылдæр хæрзтæ рат-
дзынæн. Уæд базондзыстут, Æз Дунедарæг
кæй дæн, уый. 12Æрбакæндзынæн уæм Мæ
адæм Израилы, æмæ уын уыдон æлдариуæг
кæндзысты. Сæ исбон бауыдзыстут æмæ сын
сæ зæйц нал сафдзыстут.
13Дунедарæг Хуыцау зæгъы: афтæ уын кæй
фидис кæнынц, сымах адæмы ныхъуырут
æмæ уæ адæмы зæйц сафут, зæгъгæ, 14уымæ
гæсгæ нал ныхъуырдзыстут адæмы æмæ сæ
зæйц нал сафдзыстут уæ адæмæн, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау. — 15Уæд уыл адæмтæ нал
худдзысты, фидистæ уын нал кæдзысты æмæ
уæ адæмы зæйц дæр нал сафдзыстут уæдæй
фæстæмæ», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

16Дунедарæг мын загъта: 17«Адæймаджы
фырт! Израилы адæм сæ зæххыл куы цар-
дысты, уæд æй фæчъизи кодтой сæ митæй
æмæ сæ хъуыддæгтæй. Сæ царды уагæй
фæчъизи кодтой сæхи дæр, сылгоймаг йе
’рвылмæйон туг цæуыны заман куыд чъизи
вæййы, уыйау. 18Æмæ сыл Æз Мæ маст ных-
хуырстон, уыцы зæххыл туг кæй ныккалдтой
æмæ йæ сæ гуымирытæм кувынæй кæй фæ-
чъизи кодтой, уый тыххæй. 19Ныххæлиу сæ
кодтон алы бæстæты, алы адæмтыл; стæрхон
сын кодтон сæ фæндæгтæм, сæ хъуыддæг-
тæм гæсгæ. 20Цы адæмтæм фæцыдысты,
уыдоны раз Мын фегад кодтой Мæ уаз ном,
уымæн æмæ уыцы адæмтæ дзырдтой: „Ду-
недарæджы адæм сты адон, Йæ зæххæй
сæ фæсырдтой.“ 21Æз бахъынцъым кодтон,
израилæгтæ цы адæмтæм бацыдысты, уы-
доны раз Мын Мæ уаз ном кæй фегад кодтой,
уый тыххæй.
22Уымæ гæсгæ Израилы адæмæн фехъу-
сын кæн: афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау:
Израилы адæм, сымах тыххæй нæ, фæлæ
Мын, æцæгæлон адæмтæм бацæугæйæ, кæй
фегад кодтат, уыцы уаз номы сæраппонд
ахæм хъуыддаг бакæндзынæн. 23Æз ногæй
скадджын кæндзынæн, æцæгæлон адæмты
раз Мын кæй фегад кодтат, Мæ уыцы стыр
ном. Æцæгæлон адæмты раз уын Мæ уаз ном
куы рæргом кæнон, уæд уыдон базондзысты,
Æз Дунедарæг кæй дæн, — зæгъы Дунедарæг
Хуыцау. — 24Райсдзынæн уæ, цы адæмтæ, цы
бæстæтыл ныххæлиу стут, уырдыгæй æмæ
уæ æрбакæндзынæн уæ бæстæмæ. 25Сыгъдæг
дон уыл бапырх кæндзынæн æмæ уæ ссыгъ-
дæг кæндзынæн уе ’ппæт чъизитæ æмæ уе
’ппæт гуымирытæй. 26Æз уын ратдзынæн ног
зæрдæ, ног уд уын бавæрдзынæн уæ мидæг.
Уæ риуæй уын дур зæрдæ райсдзынæн æмæ
уын сæрныллæг зæрдæ ратдзынæн. 27Уæ
мидæг уын бавæрдзынæн Мæ Уд, æмæ Мын
уæд Мæ фæдзæхстытæм гæсгæ цæрдзыстут,
æххæст мын кæндзыстут Мæ уагæвæрдтæ.
28Æрцæрдзыстут, уæ фыдæлтæн уын цы зæхх
радтон, ууыл æмæ суыдзыстут Мæ адæм,
Æз та уыдзынæн уæ Хуыцау. 29Фервæзын уæ
кæндзынæн уе ’ппæт чъизитæй, ратдзынæн
уын хор æмæ йæ сбирæ кæндзынæн, цæмæй
стонг ма æвзарат. 30Сбирæ кæндзынæн дыргъ
æмæ тыллæджы бæркад дæр, цæмæй уын
уе стонджы тыххæй мауал фидис кæной
æцæгæлон адæмтæ. 31Уæд уæ зæрдыл æр-
балæудзысты уæ фыдвæндæгтæ æмæ уæ
фыдракæндтæ, æмæ уæхицæн сæнæуынон
уыдзыстут уæ тæригъæдтæ æмæ уе ’лгъаг

миты аххосæй. 32Мæн фæнды, цæмæй зо-
нат: сымах сæраппонд нæ кæндзынæн ацы
хъуыддæгтæ, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, —
Израилы адæм, уæ цæсгом фыр æфсæрмæй
судзæд уæ фыдракæндты аххосæй.
33Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: уæ тæ-
ригъæдтæй уæ куы ссыгъдæг кæнон, сахарты
уæ куы 'рцæрын кæнон æмæ хæлддзæгтæ
ногæй арæзт куы 'рцæуой, 34гæныстон зæхх
куыстгонд куы цæуа, йæ рæзты цæуæг фæн-
даггæттæ йæ куыд уыной, афтæ, 35уæд уыдон
зæгъдзысты: „Ацы гæныстон зæхх Едемы
дыргъдон фестади; хæлд, гæныстон æмæ
пырх сахартæ дæр ногæй рацарæзтой æмæ
адæмæй байдзаг сты“. 36Æмæ, уæ алыварс
цы адæмтæ баззайа, уыдон базондзысты,
Æз, Дунедарæг, пырх цы уыд, уый ногæй
кæй аразын æмæ, гæныстон цы уыд, уым
бæлæстæ кæй садзын. Æз, Дунедарæг, ба-
кæндзынæн, цы загътон, уый».
37Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: «Ахæм
хорзы дæр ма бацæуудзынæн Израилы адæ-
мæн, æмæ сæ сбирæ кæндзынæн фосы дзу-
гау. 38Йерусалимы йæ бæрæгбæтты заман
нывондаг фос куыд бирæ вæййынц, уыйау
адæмæй байдзаг уыдзысты раздæры пырх
сахартæ. Æмæ уæд базондзысты, Æз Дуне-
дарæг кæй дæн, уый».

**37** Дунедарæг мыл æруагъта Йæ арм, Йæ
Уды хъомысæй мæ систа æмæ мæ дæлвæ-
зы астæу сæвæрдта. Дæлвæз йедзаг уыди
стджытæй. 2Сæ алывæрсты мæ æрзилын
кодта: дæлвæзы уыди æнæнымæц стджытæ
æмæ тынг ныххус сты.
3Загъта мын: «Адæймаджы фырт! Ацы
стджытæ райгас уыдзысты, цымæ?» Æз ын
дзуапп радтон: «Дунедарæг Хуыцау! Уый Ды
зоныс æрмæстдæр». 4Уæд мын Уый загъта:
«Ацы стджыты тыххæй пехуымпар ныхас
фехъусын кæн, зæгъ сын: „Уæ, хус стджытæ,
æрбайхъусут Дунедарæджы ныхасмæ. 5Афтæ
зæгъы Дунедарæг Хуыцау: Æз уын уæ мидæг
царды комулæфт бауадздзынæн, æмæ райгас
уыдзыстут. 6Нуæрттæй уæ бамбæрздзынæн,
буар уыл æрзайын кæндзынæн, уый уæлæ
та — царм; царды комулæфт уын ратдзынæн,
æмæ райгас уыдзыстут. Уæд базондзыстут,
Æз Дунедарæг кæй дæн, уый“».
7Æз, бардзырдмæ гæсгæ, фехъусын кодтон
рагуац, æмæ, пехуымпариуæг куы кодтон,
уæд райхъуысти уынæр, стджытæ базмæ-
лыдысты æмæ байдыдтой кæрæдзиимæ иу
кæнын, стæг — стæгимæ. 8Æмæ æз федтон:
фæзынди сыл нуæрттæ, æрзади сыл буар,
уый уæлæ та — царм, фæлæ царды комулæфт
нæма уыди сæ мидæг. 9Дунедарæг мын загъ-
та: «Адæймаджы фырт! Царды комулæфты
тыххæй рагуац фехъусын кæн, пехуымпари-
уæг кæн: „Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау:
царды комулæфт, цыппар дымгæйæ фæзын
æмæ ацы мæрдтыл раулæф, цæмæй райгас
уой“». 10Æз, Дунедарæджы бардзырдмæ гæс-
гæ, фехъусын кодтон рагуац, æмæ сæ мидæг
царды комулæфт бацыд, райгас сты æмæ
слæууыдысты сæ къæхтыл — тынг бирæ,
æнæнымæц бирæ æфсад.
11Дунедарæг мын загъта: «Адæймаджы
фырт! Ацы стджытæ сты Израилы æппæт
адæм. Уыдон дзурынц, зæгъгæ, бахус сты
не стджытæ, асасти нæ ныфс, не сæфт æр-
цыд». 12Уымæ гæсгæ сын рагуац фехъусын
кæн. Зæгъ сын: «Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы: Мæ адæм, Æз уын уæ ингæнтæ бай-
гом кæндзынæн, сисдзынæн уæ уырдыгæй
æмæ уæ Израилы зæхмæ æрбакæндзынæн.
13Æмæ сымах базондзыстут, Æз Дунедарæг
кæй дæн, уый, уæ ингæнтæ уын куы бай-
гом кæнон æмæ уæ уырдыгæй куы сисон,
уæд. 14Мæ комулæфт уын бауадздзынæн
уæ мидæг, æмæ райгас уыдзыстут. Æз уæ
æрцæрын кæндзынæн уæ зæххыл, æмæ уæд
базондзыстут, афтæ Æз, Дунедарæг, кæй
загътон æмæ Мæ ныхас кæй сæххæст кодтон,
уый», — зæгъы Дунедарæг.
15Дунедарæг мын загъта: 16«Уæ адæйма-
джы фырт, райс лæдзæг æмæ йыл ныффысс:
„Иудæйæн æмæ йе 'мцæдисон израилæг-
тæн“. Ноджы ма иу лæдзæг райс æмæ ууыл
та ныффысс: „Йосеф, Ефрем æмæ Израилы
иннæ адæмæн, се 'мцæдисонтæн“. 17Баиу
кæн дыууæ лæдзæджы, дæ къухы иу куыд
уой, афтæ.
18Де 'мбæстæгтæ дæ куы фæрсой, дæ къу-
хы уый цы амоны, зæгъгæ, 19уæд-иу сын
зæгъ: „Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: Æз
райсдзынæн Йосефы лæдзæг, Ефрем æмæ
йе 'мцæдисон израилаг хæдзарвæндæгты
къухы чи ис, уый, Иудæйы лæдзæгимæ йæ
баиу кæндзынæн æмæ сæ сараздзынæн иу
лæдзæг, баиу уыдзысты Мæ къухы“.
20Цы дыууæ лæдзæгыл ныффыссай, уыдон
сæ разы дæ къухмæ куы райсай, 21уæд-иу сын
зæгъ: „Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: изра-
илæгты ракæндзынæн, æцæгæлон адæмты
'хсæн кæм цæрынц, уырдыгæй, æрæмбырд
сæ кæндзынæн алырдыгæй æмæ сæ æрба-
кæндзынæн сæ зæхмæ. 22Уыцы зæххыл сæ,
Израилы хæхтыл, иу адæм скæндзынæн, се
'ппæтæн дæр уыдзæнис иу паддзах, æмæ

дыууæ адæмы нал уыдзысты, уæдæй фæс-
тæмæ дыууæ паддзахадыл нал дих кæн-
дзысты. 23 Сæхи нал фæчъизи кæндзысты
сæ хуыцаугæндтæм æмæ сæ гуымирытæм
кувынæй, сæ алы фыдракæндæй. Суæгъд сæ
кæндзынæн, тæригъæды кæм цыдысты, сæ
уыцы цæрæнбынæттæй, ссыгъдæг сæ кæн-
дзынæн, æмæ уыдон суыдзысты Мæ адæм,
Æз та — сæ Хуыцау. 24 Мæ цагъар Давид суы-
дзæни сæ паддзах, се ’ппæты фыййау, æмæ
Мын æххæст кæндзысты Мæ уагæвæрдтæ,
нымайдзысты æмæ æххæст кæндзысты Мæ
амындтытæ. 25 Цæрдзысты, Мæ цагъар Йа-
ковæн цы зæхх радтон, сæ фыдæлтæ кæм
цардысты, ууыл. Уым мыггагмæ цæрдзысты
сæхæдæг дæр, сæ байзæддаг дæр æмæ сæ
байзæддаджы байзæддаг дæр. Мæ цагъар
Давид та мыггагмæ уыдзæни сæ фæтæг. 26 Æз
семæ сараздзынæн мыггагмæйы фидыд,
æмæ сын уый фарн æрхæсдзæни. Сбирæ сæ
кæндзынæн æмæ сын сæ астæу мыггагмæ
сæвæрдзынæн Мæ Кувæндон. 27 Уыдонмæ
уыдзæни Мæ цæрæн, æмæ Æз уыдзынæн сæ
Хуыцау, уыдон та — Мæ адæм. 28 Æцæгæлон
адæмтæ куы феной, Мæ Кувæндон Израилы
астæу сæвæрдтон, уый, уæд базондзысты,
Æз Дунедарæг кæй дæн, Израилы адæмы
Йæхицæн уаз Чи кæны, Уый“».

**38** Дунедарæг мын загъта: 2 «Адæймаджы
фырт! Де ’ргом сараз Магогы зæххыл цæрæг
Гогмæ, Мешех æмæ Тувалы барджын æлдар-
мæ, æмæ йын пехуымпар ныхас фехъусын
кæн. 3 Зæгъ ын: „Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы: Æз дæм бацæудзынæн, Мешех æмæ
Тувалы барджын æлдар Гог! 4 Фездахдзынæн
дæ, де ’фсæрыл дын бакæндзынæн цæг æмæ
дын ракæндзынæн дæхи дæр æмæ де ’ппæт
æфсад дæр, æд барджытæ æмæ æд уæрдон-
джынтæ, тынг бирæ æфсад, уе ’ппæт дæр
алы хотыхтæй ифтонг, уыимæ уæм — рог
æмæ уæззау уартытæ, уе ’ппæтмæ дæр —
кæрдтæ. 5 Демæ рацæудзысты персайнæгтæ,
эфиопæгтæ æмæ путæгтæ, се ’ппæт дæр
уартытæ æмæ такатимæ. 6 Ноджы ма демæ
рацæудзæни бирæ хæстон адæмтæ дард
цæгатæй: Гомеры æппæт æфсæдтæ æмæ
Бет Тогармайы æппæт æрдонгтæ. 7 Хæстиф-
тонг скæн æмæ цæттæ дар дæхи дæр æмæ
дæм цыдæриддæр æфсæдтæ æрæмбырд ис,
уыдоны дæр, æмæ у сæ фæтæг. 8 Дзæвгар
рæстæджы фæстæ бахъæудзæни дæ сæр.
Фидæны азты ды æрцæудзынæ, карды аза-
рæй чи фервæздзæн, уыцы бæстæм, бирæ
æцæгæлон адæмты ’хсæнæй уырдæм чи
æрбаздæхдзæн, уыцы адæммæ, иудадзыг
гæныстон чи уыд, Израилы уыцы хæхтæм.
Йæ цæрджытæ æрбаздæхдзысты æцæгæ-
лон адæмты ’хсæнæй æмæ се ’ппæт дæр
цæрдзысты æдасæй. 9 Фæлæ ды сыстдзынæ
уадау, рацæудзынæ саувадыг мигъау, цæмæй
зæхх бамбæрзай де ’ппæт æрдонгтимæ æмæ
æнæнымæц адæмтимæ.
10 Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: уы-
цы заман дæм фæзындзæни сау хъуыды-
тæ, фыдвæндтæ. 11 Ды зæгъдзынæ: ‚Цæуон
æмæ бабырсон æнæбыру бæстæмæ, æнцад,
æнæмæтæй чи цæры, уыцы адæммæ: нæй
сæм нæдæр бырутæ, нæдæр æхгæнæнтæ,
нæдæр кулдуартæ. 12 Мæхи сыл ныххуыр-
сон æмæ æфтиаг ратæлæт кæнон, мæ бар-
хъомыс æрæвæрон, æцæгæлон бæстæтæй
æрыздæхæг адæм кæм æрцардысты, уыцы
сахарты хæлддзæгтыл, фос æмæ æндæр
мулк чи самал кодта æмæ зæххы астæу чи
цæры, уыдоныл‘.
13 Сава, Дедан æмæ дын Таршишы æппæт
сæудæджертæ зæгъдзысты: ‚Æгъа! Ды æр-
цыдтæ бастигъынмæ, де ’фсад æрæмбырд
кодтай стыр æфтиаг ратæлæт кæнынмæ, æв-
зист æмæ сыгъзæрин, фос æмæ æндæр мулк
рассивынмæ, цæмæй сафтид кæнай бæстæ‘“.
14 Адæймаджы фырт! Уымæ гæсгæ пеху-
ымпариуæг кæн æмæ зæгъ Гогæн: „Афтæ
зæгъы Дунедарæг Хуыцау: Мæ адæм Израил
æдасæй цæрын куы райдайой, уæд дын рар-
гом уыдзæни уый, 15 æмæ рацæудзынæ дæ
бынатæй, дард цæгатæй, демæ — æнæнымæц
адæмтæ бæхтыл, стыр æмæ тыхджын æфсад.
16 Æмæ афтæмæй Мæ адæм Израилыл, зæхх
чи æрæмбæрзы, уыцы мигъау ныххуырсдзы-
нæ дæхи. Уый уыдзæни фæстаг заман. Æз
дæ ракæндзынæн Мæ бæстæйы ныхмæ, Гог,
цæмæй Мæ æппæт адæмтæ базоной, сæ цæс-
тыты раз дын цы бакæндзынæн, уый фæрцы
сын Мæ уаз ном куы раргом кæнон, уæд.
17 Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: рагзаман
Мæ цагъарты, Израилы пехуымпарты, уыл-
ты кæй тыххæй дзырдтон, уый ды дæ. Уыдон
уыцы заман рагацау дзырдтой, Æз дæ Изра-
илы ныхмæ кæй ракæндзынæн, уый тыххæй.
18 Фæлæ Гог Израилы ныхмæ куы рацæ-
уа, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — уыцы бон
пиллон артау ссудздзæни Мæ маст. 19 Фыр
мæстæй судзгæйæ, Æз ныр зæгъын: уы-
цы бон Израилы зæххыл уыдзæн æвирхъау
зæххæнкъуыст. 20 Мæ разы фыр тæссæй ныр-
риздзысты денджызы кæсæгтæ, уæларвон
мæргътæ, æппæт зæххон цæрæгойтæ æмæ,
зæххы цъарыл чи цæры, уыцы адæм се ’ппæт

дæр. Ракæлдзысты хæхтæ, афæлдæхдзысты
къæдзæхтæ, ныккæлдзысты зæххыл сахар-
ты бырутæ.
[21]Ме 'ппæт хæхты чи цæры, уыдоны дæр
Гогы ныхмæ сыстын кæндзынæн кæрдти-
мæ, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — йæ хæс-
тонтæ сæ кæрæдзимæ кæрдтæ сласдзысты.
[22]Æз æй бафхæрдзынæн емынæйæ æмæ
тугныккалдæй. Йæхиуыл дæр æмæ йын йе
'рдонгтыл дæр, стæй ма ноджыдæр — йе-
мæ чи рацыд, йæ уыцы бирæ адæмтыл дæр
ныккалдзынæн хъаймæты тыгъдызæй, их
дуртæ æмæ судзгæ сондон. [23]Бирæ адæмты
раз сын равдисдзынæн Ме стырад æмæ Мæ
уаз ном, æмæ уæд базондзысты, Æз Дуне-
дарæг кæй дæн, уый".

**39** Ды та, адæймаг, Гогы ныхмæ пехуым-
париуæг кæн æмæ зæгъ: „Дунедарæг Хуыцау
афтæ зæгъы: Мешех æмæ Тувалы барджын
æлдар Гог, Æз сыстдзынæн дæ ныхмæ! [2]Фез-
дахдзынæн дæ æмæ дæ ракæндзынæн дард
цæгатæй, Израилы хæхтæм дæ æркæндзынæн.
[3]Уым дын дæ галиу къухæй акъуырдзынæн де
'рдын, дæ рахиз къухæй та дын аппардзынæн
дæ фаттæ. [4]Бабын уыдзынæ Израилы хæхтыл,
дæхæдæг дæр æмæ де 'ппæт æрдонгтæ дæр,
ноджы ма, демæ цы адæмтæ рацыд, уыдон
дæр. Алы тугдзых мæргътæ æмæ сырдтæн
дæ бахæрын кæндзынæн. [5]Тыгъд быды-
ры де сæфт æрцæудзæн, уымæн æмæ афтæ
загътон Æз, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. —
[6]Æнæмæтæй чи цæры, уыцы Магогы сахартæ
æмæ денджызгæрон сахартæ арты амæттаг
бакæндзынæн, æмæ уæд базондзысты, Æз
Дунедарæг кæй дæн, уый. [7]Мæ адæм Израи-
лæн раргом кæндзынæн Мæ уаз ном æмæ йæ
уæдæй фæстæмæ фегад кæнын нал бауадз-
дзынæн. Уæд адæмтæ базондзысты, Æз Ду-
недарæг кæй дæн, Израилы Уаз Хуыцау, уый.
[8]Кæй кой уын кодтон, уыцы бон æнæмæнг
æрцæудзæн æмæ сæххæст уыдзæн, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау. — [9]Уæд Израилы сахар-
ты цæрджытæ рацæудзысты æмæ артагæн
хæцæнгæрзтæ æрæмбырд кæндзысты: рог
æмæ уæззау уартытæ, фаттæ æмæ æрдынтæ,
мыдзыратæ æмæ æрцытæ. Авд азы дæргъы
сæ судздзысты. [10]Нæдæр быдырæй суг хæс-
дзысты, нæдæр хъæды бæлæстæ калдзысты,
судздзысты æрмæстдæр хæцæнгæрзтæ. Чи сæ
стыгъта, уыдоны бастигъдзысты, хæлæттаг
сæ чи кодта, уыдоны ныххæлæттаг кæндзыс-
ты, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
[11]Уыцы бон Гогæн Израилы зæххыл мæрдтæ
æвæрынæн Бæлццæтты дæлвæз ратдзынæн,
денджызæй скæсæнæрдæм. Уыцы дæлвæзыл
ацæуæн нал уыдзæн, уымæн æмæ иууылдæр
суыдзæни уæлмæрдты бынат. Уым ныгæд
æрцæудзысты Гог æмæ йе 'ппæт æрдонгтæ,
æмæ йæ схуындæуыдзæн Гогы æрдонгты
дæлвæз. [12]Израилæгтæ сæ авд мæйы дæргъы
ныгæндзысты, цæмæй зæхх ссыгъдæг кæной.
[13]Бæстæйы адæм сæ се 'ппæт дæр ныгæндзыс-
ты, æмæ Æз скадджын уыдзынæн уыцы бон,
скадджын уыдзысты Мæ адæм дæр, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау. — [14]Авд мæйы фæстæ
бæрæгдзауты снысан кæндзысты, цæмæй
æнæсцухæй бæстæйыл зилой æмæ ма зæххы
уæлцъар чи баззад, уыдоны мæрдтæ ныгæной
æмæ зæхх ссыгъдæг кæной. [15]Бæрæгдзаутæй-
иу исчи адæймаджы стæгдарыл куы сæмбæла,
уæд-иу ын йæ разы бæрæггæнæн ныссадз-
дзæни, цæмæй йæ стæй мардныгæнджытæ
Гогы æрдонгты дæлвæзы баныгæной. [16]Уыцы
сахарæн йæ ном уыдзæн Хамона. Афтæмæй
ссыгъдæг уыдзæни зæхх".
[17]Дæуæн та, адæймаджы фырт, Дунедарæг
Хуыцау афтæ зæгъы: алы мыггаг мæргътæ
æмæ сырдтæн фехъусын кæн: „Алырдыгæй
æрæмбырд ут æмæ æрбацæут Мæ нывондмæ,
Æз уын цы кусарт кæнын, уымæ, æрæмбырд
ут стыр куывдмæ Израилы хæхтæм! Хæрут
дзидза æмæ нуазут туг! [18]Æхсарджын лæгты
фыд хæрдзыстут æмæ бæстæйы æлдæртты
туг нуаздзыстут, цыма Башаны хæрзхаст
фырытæ, уæрыччытæ, цæутæ æмæ галтæ
сты, уыйау. [19]Цы нывонд уын акусарт кæ-
нон, уый фиуæй æфсаддзыстут уæхи, йæ
тугæй та кæндзыстут расыг. [20]Мæ фынгыл
бафсæддзыстут бæхтæ, барджытæ, æхсар-
джынтæ æмæ алы хæстон адæмы туг æмæ
фыдæй", — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
[21]Æз Мæ кад раргом кæндзынæн адæмтæн,
æмæ æппæт адæмтæ дæр фендзысты Мæ
тæрхон, Мæ къухы уæз Мын бавзардзысты
сæхиуыл. [22]Уæд Израилы адæм базондзысты,
ныр дæр æмæ фидæнмæ дæр Æз Дунедарæг,
сæ Хуыцау кæй дæн, уый. [23]Иннæ адæмтæ
та базондзысты, Израилы адæм сæ тæри-
гъæдты аххосæй хасты кæй уыдысты, уый.
Гадзрахатæй Мыл кæй рацыдысты, уый
тыххæй сæ Ме 'ргом аздæхтон, сæ фыдгул-
ты къухтæм сæ радтон æмæ се 'ппæт дæр
карды амæттаг баисты. [24]Сæ чъизитæ æмæ
сын сæ фыдракæндты тыххæй бакодтон
уыдæттæ — аздæхтон сæ Ме 'ргом».
[25]Фæлæ Дунедарæг зæгъы: «Ныр уацарæй
суæгъд кæндзынæн Йаковы байзæддаджы,

**39:16** Ома «Æрдонг».

фæтæригъæд кæндзынæн æппæт Израилы
адæмæн æмæ Мæ уаз ном фегад кæнын нал
бауадздзынæн. [26-27]Сæ фыдгулты бæстæтæй
сæ фæстæмæ æрбаздахдзынæн æмæ сын
афтæмæй бирæ адæмты раз равдисдзынæн,
Æз уаз кæй дæн, уый. Æмæ сæхи зæххыл
ædасæй цæрын куы байдайой, куы ничиуал
сæ тæрсын кæна, уæд æрхуддзысты сæхиуыл,
сæ фыдракæндтæй æфсæрмы кæндзысты.
[28]Адæмты ’хсæн сæ ныххæлиу кæндзынæн,
фæлæ сæ стæй фæстæмæ æрæмбырд кæн-
дзынæн сæ зæхмæ, æмæ базондзысты, Æз
Дунедарæг, сæ Хуыцау кæй дæн, уый. [29]Æз
Израилы адæмæй Ме ’ргом нал аздахдзынæн,
уымæн æмæ сæ схайджын кæндзынæн Мæ
Удæй. Уый зæгъын Æз — Дунедарæг Хуыцау».

**40** Нæ ахасты дыууын фæндзæм азы фыц-
цаг мæйæн йæ дæсæм бон, Йерусалимы
ныппырхыл цыппæрдæс азы куы рацыд,
тæккæ уыцы бон мыл Дунедарæджы къух
бандзæвыд æмæ мæ ахаста уырдæм. [2]Хуыцау
мæ Йæ рард цæстылуайæнты акодта Изра-
илы зæхмæ æмæ мæ тынг бæрзонд хохыл
æрлæууын кодта. Хохæн цыма йæ хуссай-
раг фахсыл уыдысты сахары бæстыхæйттæ.
[3]Æмæ мæ бакодта уырдæм. Уым кулдуары
раз лæууыди иу лæг: йæ уынд — æрттиваг
æрхуыйау, йæ къухты — гæнæй быд бæндæн
æмæ барæн хъил.

[4]Уыцы лæг мын загъта: «Адæймаджы
фырт! Кæс дæ цæстытæй, хъус дæ хъустæй
æмæ фиппай, цыдæриддæр дын равдисон,
уыдæттæ. Ардæм уый тыххæй конд æрцыд-
тæ, цæмæй дын сæ равдисон. Æмæ, цыдæ-
риддæр фенай, уый-иу Израилы адæмæн
радзур».

[5]Æз Кувæндоны алыварс федтон быру.
Уым цы лæг лæууыд, уый йæ барæн хъи-
лæй — йæ дæргъ æхсæз æлмæрины (хуы-
мæтæг æлмæринæй армытъæпæны бæрц
стырдæртæ) — сбарста быруйæн йæ фæтæн
æмæ йæ бæрзæнд, æмæ дыууæрдæм дæр
уыди барæн хъилы йас.

[6]Уый фæстæ рацыди кулдуармæ, йе ’ргом
скæсæнæрдæм арæзт кæмæн уыд, уымæ,
схызт ын йæ асинтыл æмæ йын сбарста йæ
къæсæры бæзн — уыди барæн хъилы йас.
[7-10]Мидæгæй, скæсæнварс цы кулдуар уы-
ди, уый фæйнæфæрсты, йæ бакомкоммæ
фаллаг кулдуары ’рдæм дыууæ рæнхъæй
цыдысты фæрссаг хатæнтæ, æртыгæйттæ.
Уыцы лæг сæ сбарста, æмæ алы хатæнæн
дæр йæ дæргъ дæр æмæ йæ уæрх уыдысты
барæн хъилы йæстæ. Хатæнæй хатæны ’хсæн
уыди фондз æлмæрины. Фаллаг кулдуарæн
дæр, скæсæнварс цы кулдуæрттæ уыди, уы-
донау йæ къæсæры бæзн уыди барæн хъилы
йас. Кулдуарæн йе ’ргом — тыргъы ’рдæм,
тыргъæн йæ дæргъ уыдис аст æлмæрины,
йæ разæй дыууæ цæджындзæн та сæ бæзн
уыди фæйнæ дыууæ æлмæрины. Тыргъ лæу-
уыди кулдуарæй Кувæндоны ’хсæн. [11]Уы-
цы лæг сбарста кулдуарæн йæ бацæуæны
уæрх, æмæ уыди дæс æлмæрины, йæ дæргъ
та — æртындæс æлмæрины. [12]Алы хатæнæй
дæр размæ дæр æмæ фæстæмæ дæр цыди
æлмæрины йас фæйнæ гæрæны. [13]Уый фæс-
тæ сбарста, кулдуары фæйнæфарс дыууæ
рæнхъæй цы хатæнтæ цыди, уыдоны ’хсæн
дæрддзæг, галиу хатæнты чъылдымæй ра-
хиз хатæнты чъылдымы онг, æмæ дзы уыди
дыууын фондз æлмæрины. Сæ дуæрттæ
уыдысты кæрæдзийы ныхмæ. [14]Кæрт æмæ
кулдуæртты раз цæджындзтæ сбарста, сæ
бæрзæнд уыди фæйнæ æхсай æлмæрины.
[15]Æддаг кулдуары тигъæй мидæггаг кул-
дуары тигъмæ уыди фæндзай æлмæрины.
[16]Мидкулдуар фæрссаг хатæнтæн сæхиуыл
дæр æмæ сæ къуыпп цæджындзгæндтыл дæр
уыди рудзгуытæ, се ’ппæтыл дæр; тыргъты
дæр алырдыгæй — рудзгуытæ, цæджындзты
цъуппытыл та — пальмæтæ.

[17]Уыцы лæг мæ бакодта æддаг кæртмæ,
йæ алыварс — æртын агъуысты. Кæрт уы-
ди дурæй астæрд. [18]Кæрты астæрд баиу ис
кулдуары дыууæ фарсимæ, астæрд æмæ
кулдуарæн сæ уæрх уыди иухуызон. Уыи-
мæ астæрд мидæггаг кæртæй ныллæгдæр
æвæрд уыд. [19]Уыцы лæг дæллаг кулдуарæй
мидæггаг кæрты æддаг тигъы онг банымадта
сæдæ æлмæрины. Скæсæнварс куы сбарста,
уæд бацыдыстæм цæгатварсæрдæм.

[20]Æмæ уыцы лæг сбарста æддаг кæрты
цæгатварс кулдуары уæрх. [21]Уый дæр уыди
скæсæнварс кулдуары халдих: æд хатæнтæ,
æд цæджындзтæ æмæ æд гæрæнтæ йæ дæргъ
иумæйагæй уыди æртын æлмæрины, йе
’ппæт уæрх та — дыууын фондз æлмæрины.
[22]Сæ рудзгуыты, сæ къуыпп цæджындзгæнд-
ты æмæ сæ пальмæты ас уыди скæсæнварс
кулдуары уæтты халдих. Кулдуармæ цыди
авд къæпхæны. [23]Цæгатварс кулдуарæн дæр,
скæсæнварс цы кулдуар уыди, уыйау йе
’ргом арæзт уыди мидæггаг кæрты кулдуа-
ры ’рдæм. Кулдуæртты ’хсæн та уыди сæдæ
æлмæрины.

[24-26]Стæй мæ уыцы лæг бакодта хуссар-
варс кæртмæ, йæ кулдуары ’рдæм. Уым дæр
сбарста æппæт дæр, цæджындзæй, тыргъæй,

æмæ уыдон дæр уыдысты иннæты халдих.
Ам дæр кулдуармæ цыди авд къæпхæны.
Кулдуарæн йæ дæргъ уыди фæндзай æлмæ-
рины, йæ уæрх та — дыууын фондз æлмæри-
ны. Бацæуæны фæйнæфарс алы цæджындзы
цъуппыл дæр — пальмæ. 27Мидæггаг кæрты
хуссарварс кулдуарæн дæр йе 'ргом уыди
дæллаг кулдуары 'рдæм арæзт, æмæ уыцы
лæг дыууæ кулдуары 'хсæн банымадта сæ-
дæ æлмæрины.
28Уыцы лæг мæ хуссарварс кулдуарыл
бакодта мидæггаг кæртмæ, æмæ, уым цы
сбарста, уыдоны ас дæр уыд иннæты халдих.
29Уым дæр уыд иннæты хуызæн фæрссаг
хатæнтæ, цæджындзтæ, тыргътæ, алыр-
дыгæй — рудзгуытæ. Уым дæр фæзахсты
дæргъ уыди фæндзай æлмæрины, йæ уæрх
та — дыууын фондз æлмæрины. 30Тыргътæн
сæ дæргъ уыди дыууын фондз æлмæри-
ны, сæ уæрх та — фондз æлмæрины. 31Æмæ
тыргътæ кастысты æддаг кæртмæ, пальмæтæ
дæр уыдысты цæджындзты цъуппытыл.
Кулдуармæ цыди аст къæпхæны.
32Уыцы лæг мæ скæсæнварс кулдуарыл
бакодта мидæггаг кæртмæ, æмæ, уым цы
сбарста, уыдоны ас дæр уыд иннæты халдих.
33Уым дæр уыди иннæты хуызæн фæрссаг
хатæнтæ, цæджындзтæ, тыргътæ, алыр-
дыгæй — рудзгуытæ. Уым дæр фæзахсты
дæргъ уыди фæндзай æлмæрины, йæ уæрх
та — дыууын фондз æлмæрины. 34Тыргътæ
кастысты æддаг кæртмæ, пальмæтæ дæр
уыдысты цæджындзты цъуппытыл. Кул-
дуармæ цыди аст къæпхæны.
35Уыцы лæг мæ бакодта цæгатварс кулду-
арыл, æмæ, уым цы сбарста, уыдоны ас дæр
уыд иннæты халдих. 36Уым дæр уыди иннæ-
ты хуызæн фæрссаг хатæнтæ, цæджындзтæ,
тыргътæ, алырдыгæй — рудзгуытæ. Уым
дæр фæзахсты дæргъ уыди фæндзай æл-
мæрины, йæ уæрх та — дыууын фондз æл-
мæрины. 37Тыргътæ кастысты æддаг кæрт-
мæ, пальмæтæ дæр уыдысты цæджындзты
цъуппытыл. Кулдуармæ цыди аст къæпхæны.
38Цæгатварс кулдуары раз уыд иу агъу-
ыст, тыргъæй йæм уыди дуар. Уым донæй
ныхсынц иууылсудзинаджы уæнгтæ. 39Кул-
дуары раз тыргъы иуæрдыгæй дæр æмæ
иннæрдыгæй дæр лæууыди дыгай фынгтæ,
иууылсудзинæгтæ, тæригъæды нывондæг-
тæ æмæ фиддоны нывондæгтæ æргæвды-
нæн. 40Цæгатварс кулдуары æдде, кулд-
уарæн йæ галиуфарс æмæ йæ рахизфарс,
уыди дыгай фынгтæ. 41Афтæмæй кулдуары
фæйнæфæрсты уыди цыппæргай фынгтæ,
нывондæгтæ æргæвдынæн. 42-43Иууылсу-
дзинæгтæ цæттæ кæнынæн уыди цыппар
фынджы, карст дуртæй амад, алкæцыйæн
дæр дзы йæ дæргъ уыди æлмæрин æмæ
æрдæг, йæ уæрх дæр — æлмæрин æмæ æр-
дæг, йæ бæрзæнд та — æлмæрин. Уыдоныл
æрæвæрынц иууылсудзинæгтæ æмæ ин-
нæ нывондæгты дзидзатæ æмæ æргæвдæн
кæрдтæ. Къултыл алырдыгæй — къæпсыртæ
фидаргонд, армытъæпæны йæстæ.
44Цæгатварс кулдуары æмæ хуссарварс
кулдуары цур уыди фæйнæ агъуысты. Фыц-
цаг агъуыстæн йе 'ргом уыд хуссарæрдæм,
дыккагæн та — цæгатæрдæм. 45Уыцы лæг
мын загъта: «Йе 'ргом хуссарæрдæм кæ-
мæн у, уыцы агъуыст лæвæрд у Кувæндоны
кусæг сауджынтæн, 46йе 'ргом цæгатæр-
дæм кæмæн у, уыцы агъуыст та лæвæрд у
нывондхæссæны цур кусæг сауджынтæн.
Адон Цадокы байзæддаг сты. Левийы бай-
зæддагæй æрмæст адонæн ис Дунедарæджы
раз сауджынтæй кусыны бар». 47Уыцы лæг
сбарста кæрт дæргъмæ дæр æмæ уæрхмæ
дæр, æмæ дыууæрдæм дæр уыд фæйнæ сæ-
дæ æлмæрины — æмхуызон цыппæрдигъон.
Кувæндоны раз лæууыди нывондхæссæн.
48Уыцы лæг мæ бакодта Кувæндоны тыргъ-
мæ æмæ йæ сбарста. Бацæуæн кулдуары
уæрх уыди цыппæрдæс æлмæрины, кул-
дуары фæйнæфарс къултæн сæ дæргъ уыди
фæйнæ æртæ æлмæрины, йæ мидæг цæ-
джындзтæн сæ алкæцыйы бæзн та — фондз
æлмæрины. 49Тыргъæн йæ уæрх — ссæдз
æлмæрины, йæ дæргъ та — дыууадæс æл-
мæрины. Цыди йæм дæс къæпхæны. Кулду-
ары фæйнæфарс къултæн сæ разы лæууыди
фæйнæ цæджындзы.

## 41

1-2Уый фæстæ мæ уыцы лæг бакодта
Кувæндонмæ æмæ йæ сбарста. Йæ бацæуæ-
ны уæрх уыди дæс æлмæрины, бацæуæнæн
йæ фæйнæфарс къулты дæргъ — фæйнæ
фондз æлмæрины, йæ цæджындзты бæзн
та — фæйнæ æхсæз æлмæрины. Кувæндонæн
мидæгæй йæ дæргъ уыди цыппор æлмæри-
ны, йæ уæрх та — ссæдз æлмæрины. 3Уыцы
лæг бацыди Кувæндоны рæбинаг агъуысты
размæ æмæ йын сбарста йæ бацæуæны цæ-
джындзтæ. Сæ уæрх уыдис æхсæз æлмæ-
рины, бацæуæнæн йæ фæйнæфарс къулты
дæргъ — фæйнæ авд æлмæрины, сæ бæзн та,
къултæн дæр æмæ бацæуæны цæджындз-
тæн дæр, — дыууæ æлмæрины. 4Рæбинаг
агъуыстæн сбарста йæ дæргъ æмæ йæ уæрх,
æмæ дыууæрдæм дæр уыди фæйнæ ссæдз

æлмæрины, Кувæндонæн йæ уæрхы хуызæн.
Загъта мын: «Уый у Рухсмонуат».
[5]Уый фæстæ уыцы лæг сбарста Кувæндоны
къулты бæзн, æмæ уыди æхсæз æлмæрины.
Кувæндоны алыварс, æртæрдыгæй, уыди
фæрссаг хатæнтæ, сæ уæрх — фæйнæ цыппар
æлмæрины. [6]Фæрссаг хатæнтæ нымадæй уы-
дысты æртын æртæ, хатæн хатæны æмкъул,
се 'ппæт дæр цыдысты Кувæндонæн йе 'ртæ
къулы рæбынты, семæ уыдысты баст, фæлæ
сыл не 'ндзæвыдысты. [7]Кувæндоны агъуыст
алырдыгæй, хæрдмæ куыд цыди, афтæ код-
та уæрæхæй-уæрæхдæр, фæрссаг хатæнты
фæрцы, æмæ уымæ гæсгæ уæле уæрæхдæр
уыди. Бинаг уæладзыгæй уæллаг уæладзыг-
мæ ссæуын хъуыдис астæуккаг уæладзыгыл.
[8]Кувæндоны бындуры æз федтон бæр-
зондæвæрд астæрд, фæрссаг хатæнтæн дæр
сæ бындуры уый уыди, йæ бæрзæнд — æх-
сæз æлмæрины. [9-10]Фæрссаг хатæнты æддаг
къулæн йæ бæзн уыди фондз æлмæрины.
Кувæндоны фæрссаг хатæнты æмæ сауджын-
ты хатæнты 'хсæн цы тыгъдад уыди, уымæн
йæ уæрх — ссæдз æлмæрины. [11]Астæрды
гом тыгъдадæй фæрссаг хатæнтæм уыди
дыууæ дуары, иу цæгатæрдыгæй, иннæ та
хуссарæрдыгæй. Хатæнты алыварс астæрдæн
йæ уæрх уыди фондз æлмæрины.
[12]Кувæндонæн йæ ныгуылæнварс цы фæз
уыд, уый æмарæн цыди бæстыхай, йæ уæрх —
æвдай æлмæрины, йæ дæргъ та — нæуæдз
æлмæрины. Уыцы бæстыхайæн йæ къулты
бæзн уыди фондз æлмæрины. [13-15]Уæд, чи мæ
æрбакодта, уыцы лæг сбарста Кувæндоны
бæстыхæйтты æппæт фæзахст. Кувæндон
æмæ йе 'фтуанагъуысты дæргъ уыди сæдæ
æлмæрины, йæ уæрх дæр, йæ алыварс фæ-
зимæ — сæдæ æлмæрины.
Афтæмæй барст æрцыди алцыдæр: Ку-
вæндоны хуылф, тыргъ, [16]астæрдæй хæрд-
мæ, рудзгуыты онг чи ссыд, уыцы хъæдын
уæлхуыд фæлыст, æртывазыг фæлгæтджын
рудзгуытæ, [17]Кувæндонмæ бацæуæн кул-
дуары сæрмæ къул, уыимæ æппæт Кувæн-
дон — мидæгæй дæр æмæ æдде дæр; [18]конд
æрцыдысты херувимтæ, стæй пальмæты
нывæфтыдтæ: дыууæ херувимы æхсæн —
пальмæ, алы херувимæн дæр — дыууæ цæс-
гомы. [19]Иуæрдыгæй пальмæмæ кæсы адæй-
маджы цæсгом, иннæрдыгæй та — домбайы
цæсгом; ахæм нывæфтыдтæ Кувæндоны
конд æрцыдысты алырдыгæй. [20]Херувимтæ
æмæ пальмæты нывæфтыдтæ конд уыди
мидкувæндоны æппæт къултыл дæр, астæр-
дæй Кувæндонмæ бацæуæны уæлкъæсæры
онг. [21]Кувæндонмæ бацæуæны дуарæн уыди
цыппаркъæпхæнон тарвæзтæ, иу тарваз —
иннæйы мидæг, Рухсмонуаты бацæуæны
дæр афтæ. [22]Уыди дзы хъæдын нывондхæс-
сæн, йæ бæрзæнд — æртæ æлмæрины, йæ
дæргъ æмæ йæ уæрх та — фæйнæ дыууæ æл-
мæрины. Йæ тигътæ дæр, йæ бын дæр æмæ
йæ къултæ дæр уыдысты хъæдæй конд. Чи
мæ æрбакодта, уыцы лæг мын загъта: «Уый,
Дунедарæджы раз чи лæууы, уыцы фынг у».
[23-24]Кувæндонмæ æмæ Рухсмонуатмæ ба-
цæуæнтæн уыди дывæлдах дуæрттæ, æвду-
зæнтыл зилгæ дыгай базыртимæ. [25]Кувæн-
донæн йæ дуæрттыл дæр уыди херувимтæ
æмæ пальмæты нывæфтыдтæ конд, къултыл
куыд уыдис, афтæ. Тыргъмæ бацæуæны сæр-
мæ та æдде уыди аууондар тапка. [26]Тыргъы
фæйнæфарс къултæй кастысты рудзгуытæ,
уыдон уыдысты пальмæты нывæфтыдтæй
фæлыст.

**42** Уыцы лæг мæ ракодта æддаг кæртмæ,
цæгатварсмæ. Уым кæрт æмæ цæгатварсы
стыр бæстыхайы ныхмæ лæууыд иу бæсты-
хай, йæ мидæг — цалдæр агъуысты. [2]Уыцы
бæстыхайæн йæ дæргъ уыди сæдæ æлмæ-
рины, йæ уæрх та фæндзай æлмæрины. Йæ
бацæуæн уыд цæгатæрдыгæй. [3]Мидæггаг
кæрты къулы, ссæдз æлмæрины чи уыди,
уый бакомкоммæ æмæ æддаг кæрты ас-
тæрды бакомкоммæ кæрæдзийы ныхмæ
уыдысты æртæуæладзыгон тыргътæ. [4]Бæс-
тыхаймæ цæгатæрдыгæй уыди, йæ уæрх дæс
æлмæрины кæмæн уыд, ахæм бацæуæн. Уы-
цырдыгæй ма уыди ноджы иу бацæуæн. Ми-
дæггаг кæртмæ цыди фæндаг, йæ уæрх — иу
æлмæрин. [5-6]Бæстыхайæн йæ уæладзгуытæ
куыд уæлæмæ къæпхæнгай кæй цыдысты,
уымæ гæсгæ йæ агъуыстытæ куыд уæлдæр
нарæгдæр уыдысты. Ацы бæстыхайæн æддаг
кæрты алыварс агъуыстытау цæджындзтæ
нæ уыди. [7-8]Бæстыхаймæ бацæуæны 'рдыгæй
цы тыргъ уыд, уымæй æддаг кæрты 'хсæн
уыди быру. Йæ дæргъ фæндзай æлмæринæй
цыди æддаг кæртыл æмæ баиу ис уыцы кæр-
ты алыварс агъуыстыты къулимæ. Бæстыхай
йæхæдæг уыди сæдæ æлмæрины дæргъæн.
[9]Уыцы агъуыстытæм бынты æддаг кæртæй,
скæсæнæрдыгæй, уыди бацæуæн.
[10]Хуссарæрдыгæй дæр æддаг кæрты бы-
руйы æмкъул, Кувæндоны æмæ фæзы чъыл-
дыммæ, уыди, цалдæр агъуысты кæм уыд,
ахæм бæстыхай. [11]Сæ цурты цы фæндаг
цыди, уый уыди, се 'ргом цæгатæрдæм кæ-
мæн уыд, уыцы агъуыстыты цур фæндаджы

халдих, дæргъмæ дæр æмæ уæрхмæ дæр.
Уыдоны халдих уыдысты йе 'ппæт рацæ-
уæнтæ, сæ арæзт, сæ дуæрттæ. 12Се 'ргом
хуссарæрдæм кæмæн уыд, уыцы агъуыстыты
дуæртты халдих — сæ дуæрттæ, сæ бацæуæн
дуар уыди, быруйы æмварс скæсæнæрдæм
чи цыди, тæккæ уыцы фæндаджы был.
13Кæимæ уыдтæн, уыцы лæг мын загъта:
«Фæзы цур цæгатæрдæм æмæ хуссарæрдæм
чи кæсы, уыцы агъуыстытæ сты уаз, Кувæн-
доны мидæг, Дунедарæгæн чи кусы, уыцы
сауджынтæн лæвæрд сты. Ам фæхæрынц,
нывæндтæй сæм цы хæйттæ хауы, уыдон.
Ам æрæвæрынц иууылсыгъдæг мысайнæг-
тæ, хойраджы хуынтæ, тæригъæды нывонд
æмæ фиддоны нывонд, уымæн æмæ ацы
бынат уаз у. 14Сауджынтæ-иу уырдæм куы
бацæуой, уæд-иу уыцы Кувæндонæй ма ра-
цæуæнт æддаг кæртмæ, цалынмæ, уаз куыст
цы дарæсты кодтой, уыдон уым ныууадзой,
уæдмæ, уымæн æмæ уыцы дарæстæ уаз сты.
Скæнæнт-иу æндæр дарæстæ, æмæ сын уæд
æмбæлдзæн адæммæ рацæуын».
15Уыцы лæг Кувæндон æд кæртытæ куы
сбарста, уæд мæ скæсæнварс кулдуарыл
æддæмæ ракодта æмæ райдыдта барын Ку-
вæндоны систæ. 16Барста сæ барæн хъилæй,
æмæ Кувæндоны скæсæнварс уыди фондз-
сæдæ æлмæрины дæргъæн; 17йæ цæгатварс
дæр — фондзсæдæ æлмæрины дæргъæн;
18йæ хуссарварс дæр — фондзсæдæ æлмæри-
ны дæргъæн. 19Уæд фæзылди ныгуылæнæр-
дæм, æмæ уыцы фарс дæр уыди фондзсæдæ
æлмæрины дæргъæн. 20Афтæмæй йын сбарс-
та йæ цыппар фарсы дæр, æмæ Кувæндо-
ны систæн сæ дæргъ алырдыгæй дæр уыди
фæйнæ фондзсæдæ æлмæрины. Уыцы систæ
уаз зæххы хай хицæн кодтой, уаз чи нæ уыд,
уыцы зæххæй.

**43** Уый фæстæ мæ уыцы лæг æрбакодта
скæсæнварс кулдуармæ. 2Уым федтон, Из-
раилы Хуыцауы кад скæсæнæрдыгæй куыд
æрбаввахс кæны, уый. Йæ хъæлæс уыдис
бирæ дætты уынæрау, Йæ кады рухсæй ду-
не ныррухс ис.
3Ацы цæстылуайæн дæр уыди, Кевары
доны цур, стæй ма иу хатт дæр кæй фед-
тон, ахæм. Æмæ ныддæлгом дæн зæххыл.
4Дунедарæджы кад скæсæнварс кулдуа-
рыл бацыди Кувæндонмæ. 5Хуыцауы Уд мæ
систа æмæ мæ бакодта мидæггаг кæртмæ.
Æз федтон, Кувæндон Дунедарæджы ка-
дæй йемыдзаг куыд баци, уый. 6Йемæ мæ
цы лæг хуыдта, уый мæ разы уыд, фæлæ
мæм мидкувæндонæй райхъуыст æндæр
кæйдæр хъæлæс. 7Загъта мын: «Адæйма-
джы фырт! Уый Мæ паддзахы бадæн у, Мæ
къахæрæвæрæн. Ам мыггагмæ цæрдзынæн
Израилы адæмы 'хсæн. Æмæ Мын Израи-
лæн йæ адæм дæр æмæ йæ паддзæхтæ дæр
нал æгад кæндзысты Мæ уаз ном: нал дæр
гуымирытæм кувдзысты, нал дæр та сæ пад-
дзæхты мæрдтæ Мæ цуры ныгæндзысты. 8Сæ
къæсæртæ æвæрдтой Мæ къæсæрты цур, сæ
тарвæзтæ — Мæ тарвæзты цур æмæ æмкъул
цардысты Мемæ. Афтæмæй Мын се 'наккаг
митæй æгад кодтой Мæ уаз ном æмæ сæ Мæ
фыр мæстæй бабын кодтон. 9Фæлæ ныр се
'нæуаг митæ ныууадздзысты, сæ паддзæхты
мæрдтæ Мæ цæстыты разæй фесафдзысты,
æмæ Æз мыггагмæ се 'хсæн цæрдзынæн.
10Адæймаджы фырт, ды та Израилы адæ-
мæн радзур ацы Кувæндоны тыххæй, æмæ
йæ сæхæдæг дæр куы сбарой, уæд сæхи-
уыл æрхуддзысты се 'наккаг митыл тых-
хæй. 11Цыдæриддæр бакодтой, уыдæттæй
се 'фсарм куы ссудза, уæд-иу сын равдис
Кувæндоны фæлгонц, йæ арæзт, йæ рацæ-
уæнтæ æмæ йæ бацæуæнтæ. Скæн-иу сын
Кувæндоны хахныв æмæ-иу сын радзур
йе 'ппæт арæзт, стæй йе 'ппæт уагæвæрдтæ
æмæ æгъдæутты тыххæй, ныффыс сын сæ
сæхи раз, цæмæй сæ ма рох кæной æмæ сæ
æххæст кæной.
12Мæнæ Кувæндоны сæйраг æгъдау: хохы
цъупп æмæ йæ алыварс тыгъдад иууылдæр у
иууылуаз. Уый у Кувæндоны сæйраг æгъдау.
13Мæнæ нывондхæссæны арæзт, йæ ас, æл-
мæринтæй баргæйæ (хуымæтæг æлмæринæй
армытъæпæны бæрц стырдæртæ). Йæ бын-
дуры тигъы уæрх у иу æлмæрин, бындурæн
йæ бæрзæнд дæр — иу æлмæрин. Бындуры
кæрæтты алырдыгæй ис цыхцырæг къахт,
уылынджы йас. Уый у нывондхæссæны бын-
дур. 14Бындуры уæлæ бинаг къæпхæнæн йæ
бæрзæнд у дыууæ æлмæрины, йæ тигъы
уæрх та — иу æлмæрин. Бинаг чысыл къæп-
хæны уæлæ стыр къæпхæнæн йæ бæрзæнд у
цыппар æлмæрины, йæ тигъы уæрх та — иу
æлмæрин. 15Æппæты уæллаг къæпхæнæн,
нывондхæссæнæн, йæ бæрзæнд у цыппар
æлмæрины, йæ тигътыл конд сыкъатæн та сæ
бæрзæнд — фæйнæ æлмæрины. 16Нывонд-
хæссæн у цыппаркъуымон, йæ уæрх æмæ
йæ дæргъ сты дыууадæсгай æлмæринтæ.
17Нывондхæссæн цы къæпхæныл лæууы, уый
дæр — цыппаркъуымон, йæ уæрх æмæ йæ
дæргъ — цыппæрдæсгай æлмæринтæ. Бын-
дуры кæрæтты алырдыгæй цы цыхцырæг

къахт ис, уый у æмбисæлмæрины æрфæн,
бындурæн йæ бæрзæнд та у иу æлмæрин».
18Æмæ мын уый загъта: «Адæймаджы
фырт! Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: мæнæ
нывондхæссæны уагæвæрдтæ, куы йæ сара-
зой æмæ йыл иууылсудзинæгтæ хæссын æмæ
нывæндты туг пырх кæнын куы райдайой,
уыцы бонмæ. 19Левийы хæдзарвæндаджы
сауджынтæн-иу, Цадокы байзæддæгтæй
чи у, Мæ рæзы чи лæггад кæна, уыдонæн,
Мæ сауджынтæн, галты дзугæй тæригъæды
нывондæн ратт иу гал. 20Райс-иу ын йæ ту-
гæй æмæ дзы бапырх кæн нывондхæссæны
цыппар сыкъайы, стæй, нывондхæссæн цы
къæпхæнылл лæууы, уый цыппар фисыны,
ноджы ма, бындуры кæрæтты алырдыгæй
цы цыхцырæг къахт ис, ууыл, æмæ-иу афтæ-
мæй сæххæст кæн нывондхæссæн ссыгъдæг
кæныны æгъдау. 21Тæригъæды нывондæн
цы гал аргæвстой, уый басудз Кувæндоны
æдде, нысангонд бынаты.
22Дыккаг бон-иу тæригъæды нывондæн
сæгъты дзугæй æрхæсс æнæсахъат цæу. Ны-
вондхæссæн ссыгъдæг кæныны æгъдау-иу
сæххæст кæнæнт, нывонд уæныджы тугæй
йæ куыд сæххæст кодтой, афтæ. 23Ссыгъдæг
кæныны æгъдау куы сæххæст кæнай, уæд-иу
галты дзугæй æрбакæн æнæсахъат гал, фыс-
ты дзугæй та — æнæсахъат фыр. 24Æрбакæн-
иу Мын сæ Дунедарæджы размæ, æмæ-иу сæ
сауджынтæ аргæвдæнт, ауæнгтæ кæнæнт,
ныккæнæнт-иу сыл цæхх æмæ-иу Мын сæ
æрхæссæнт иууылсудзинаг нывондæн.
25Авд боны дæргъы-иу алы бон дæр тæ-
ригъæды нывондæн хæссут цæу, иууыл-
судзинагæн та-иу алы бон дæр галты дзу-
гæй хæссут æнæсахъат гал, фысты дзугæй
та — æнæсахъат фыр. 26Авд боны дæргъы-иу
æххæст кæнæнт нывондхæссæн ссыгъдæг
кæныны æгъдау æмæ-иу дзаг кæнæнт сæ
къухтæ. 27Уыцы бонтæ куы фæуой, уæд-иу
уын, æстæм бонæй фæстæмæ, сауджынтæ
нывондхæссæныл хæссæнт уæ иууылсудзи-
нæгтæ æмæ уæ фидыды нывæндтæ, æмæ уыл
Æз ауддзынæн», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**44** Уыцы лæг мæ ногæй скæсæнварс кул-
дуары цурмæ æрбакодта. Кулдуар уыди æх-
гæд. 2Дунедарæг мын загъта: «Ацы кулдуар
уыдзæн æхгæд æмæ нæ байгом уыдзæн.
Ницавæр адæймаг ыл бахиздзæн, уымæн
æмæ йыл Дунедарæг, Израилы Хуыцау, ба-
хызти. Уымæ гæсгæ баззайдзæни æхгæдæй.
3Фæлæ адæмы фæтæгæн ис уыцы кулдуары
цур бадыны бар æмæ уым, Дунедарæджы
раз, къæбæр аходыны бар. Æцæг-иу мидæ-
мæ дæр æмæ æддæмæ дæр цæуæд кулдуары
раз тыргъыл».
4Уый фæстæ мæ уыцы лæг цæгатварс
кулдуарыл бакодта Кувæндоны размæ. Æз
федтон, Дунедарæджы кадæй Кувæндон
йемыдзаг куыд баци, уый æмæ ныддæл-
гом дæн зæххыл. 5Дунедарæг мын загъта:
«Адæймаджы фырт! Дæ цæстытæ æмæ дæ
хъустæ байгом кæн æмæ дæ зæрдыл бадар,
Дунедарæджы хæдзары æппæт уагæвæрд-
тæ æмæ æппæт æгъдæутты тыххæй дын цы
дзурын, уыдæттæ. Дæ хъус дар, Кувæндоны
бацæуæнтыл мидæмæ дæр æмæ æддæмæ
дæр цæуын кæмæн æмбæлы, уыдонмæ. 6Из-
раилы хиваст адæмæн зæгъ: Афтæ зæгъы
Дунедарæг Хуыцау: Израилы адæм, кæрон
скæнут уе ’ппæт æнаккаг митæн. 7Мæ Ку-
вæндонмæ Мын мауал кæнут æцæгæлæтты,
буарæй дæр æмæ зæрдæйæ дæр æнæсунæт
чи у, уыдоны, æмæ Мын мауал æгад кæной
Мæ Кувæндон. Фиу æмæ Мын туг, Мæ хойраг,
нывондæн куы хастат, уæд адон уæ цуры уы-
дысты, æмæ-иу афтæмæй уæ алы æлгъæгтæй
фехæлдтат, Æз уемæ цы фидыд сарæзтон,
уый. 8Мæ Кувæндоны Мын уазлæггад нæ
кодтат, уæхи бæсты-иу дзы æндæрбæстæгты
лæггадгæнджытæй сæвæрдтат.
9Уымæ гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ
зæгъы: нырæй фæстæмæ Мæ Кувæндонмæ
иу æцæгæлон дæр — буарæй дæр æмæ зæр-
дæйæ дæр æнæсунæт чи у — нал бацæудзæн,
суанг Израилы адæмæн се ’хсæн куы цæра,
уæд дæр. 10Афтæ сæ азымы тыххæй æф-
хæрд æрцæудзысты левиттæ дæр, Израил
йæ фæндагæй куы адзæгъæл, уæд Мæ чи
ныууагъта æмæ гуымирытæм кувын чи рай-
дыдта, уыдон. 11Мæ Кувæндоны кусдзысты
дуаргæстæй æмæ лæггадгæнджытæй. Адæ-
мæн æргæвддзысты сæ иууылсудзинæгтæ
æмæ иннæ нывондæгтæ, лæудзысты сæ цуры
æмæ сын лæггад кæндзысты. 12Адæм сæ
гуымирытæн нывæндтæ куы хастой, уæд
сын адон кæй лæггад кодтой æмæ уымæй
Израилы адæмы тæригъæды кæй бафтыдтой,
уый тыххæй сæм Æз Мæ къух сисдзынæн, —
зæгъы Дунедарæг Хуыцау, — æмæ сæ азымы
тыххæй æфхæрд баййафдзысты. 13Уыдон
Мæ разы сауджынлæггад нал кæндзысты,
нал сын уыдзæни уаз дзауматæ æмæ иу-
уылуаз хуынтæм бавналыны бар. Се ’лгъаг
миты тыххæй худинаджы бын фæуыдзысты.
14Æз сæ бафтаудзынæн Кувæндоны лæггад
кæныныл, стæй йæ алы куыстытæ æххæст
кæныныл.

15 Æрмæстдæр Левийы хæдзарвæндаджы
сауджынтæ, Цадокы байзæддæгтæ, сæ уаз-
лæггад нæ ныууагътой Мæ Кувæндоны, изра-
илæгтæ Мæ се 'ргом куы аздæхтой, уæд, æмæ
дарддæр дæр уыдон лæггад кæндзысты Мæ
разы æмæ Мын фиу æмæ туг ныводдæн хæс-
дзысты, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. — 16 Уы-
дон-иу æрбацæудзысты Мæ Кувæндонмæ
æмæ-иу æрбаввахс уыдзысты Мæ фынгмæ,
цæмæй Мын лæггад æмæ уаз куыст кæной.
17 Мидæггаг кæрты кулдуармæ æрбацæу-
гæйæ-иу сæ уæлæ скæнæнт гæн хъуымацæй
дарæстæ. Мидæггаг кæрты кулдуары цур
æмæ сыл Кувæндоны хъуамæ ма уа къуымбил
дарæстæ. 18 Сæ сæртыл сæ сарыхътæ дæр хъу-
амæ уой гæн хъуымацæй; сæ хæлæфтæ дæр
хъуамæ уой гæн хъуымацæй. Уымæн æмæ сын
хид кæнын не 'мбæлы. 19 Фæлæ-иу сæ æддаг
кæртмæ рацæуын куы хъæуа, адæмы размæ,
уæд-иу раласæнт, цы дарæсты лæггад кодтой,
уыдон, ныууадзæнт-иу сæ уаз агъуыстыты
æмæ-иу скæнæнт æндæр дарæстæ, цæмæй сæ
уаз дарæстæй адæмæй макæуыл бандзæвой.
20 Сæ сæртæ-иу мадæр дасгæ акæнæнт,
мадæр-иу сæ сæрыхъуынтæ даргъ рауа-
дзæнт — алвынæнт-иу сæ сæртæ.
21 Сæн дæр-иу мачи бануазæд сауджынтæй,
мидæггаг кæртмæ цæугæйæ.
22 Мадæр сæ идæдз усы исчи ракурæд,
мадæр, йæ мойæ чи рахицæн, ахæм сыл-
гоймаджы. Æмбæлы сын æрмæст чызг ра-
курын Израилы адæмы мыггæгтæй, науæд
та — сауджыны идæдз усы.
23 Мæ адæмы-иу ахуыр кæнæнт, уаз цы у,
уый, уаз цы нæу, уымæй хицæн кæныныл,
стæй сыгъдæг æмæ æнæсыгъдæг кæрæдзи-
йæ иртасыныл.
24 Быцæйуаг хъуыддæгты тыххæй-иу æр-
лæууæнт тæрхоны раз æмæ-иу алы хъуыддаг
дæр райхалæнт Мæ амындтытæм гæсгæ.
Æххæст Мын кæнæнт Ме 'гъдæуттæ æмæ Мæ
уагæвæрдтæ, стæй Мæ сабаты æгъдæуттæ.
25 Сауджынæн не 'мбæлы адæймаджы
мардмæ хæстæг бацæуын, науæд фæчъизи
уыдзæн. Æрмæст йæ фыды, йæ мады, йæ
фырты, йæ чызджы, йе 'фсымæры кæнæ,
моймæдзыд чи нæма уыд, йæ уыцы хойы
мардæй йын ис йæхи фæчъизи кæнæн. 26 Уы-
мæй куы ссыгъдæг уа, уæд-иу ранымайæд
авд боны. 27 Æмæ мидæггаг кæртмæ, Кувæн-
доны сауджынлæггад кæнынмæ, цæуинаг цы
бон уа, уыцы бон-иу æрхæссæд тæригъæды
нывонд, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
28 Сауджынты фыдæй-фыртмæйы исбоны
кой куы кæнæм, уæд Æз Мæхæдæг дæн сæ
исбон. Зæххы хай сын ма раттут Израилы: Æз
Мæхæдæг дæн сæ хай. 29 Уыдон хæрдзысты
хойраджы хуынæй, тæригъæды нывондæй
æмæ фиддоны нывондæй. Израилы зæххыл
Дунедарæгæн цыдæриддæр снывонд чын-
дæуыд, уый дæр уыдоны хай уыдзæн. 30 Уæ
фыццаг дыргъты хуыздæртæ æмæ уæ алы
хуынтæ, цавæрфæнды уой, уæддæр, сты
сауджынты хай. Уæ хоры сæрты ссадæй цы
сфыцат, уый дæр-иу раттут сауджынæн, æмæ
арфæгонд уыдзысты уæ хæдзæрттæ.
31 Мацы хæдмæлы фыд-иу бахæрæд сау-
джын, мадæр, сырд кæй аргæвста, маргъ уа
æви фос, уый фыд.

**45** Зæххы хæйттæ халæппæрстæй куы уарат,
уæд-иу рахицæн кæнут Дунедарæджы уаз зæх-
хы хай: йæ дæргъ — дыууын фондз æлмæрины,
йæ уæрх та — ссæдз мин æлмæрины. Уыцы
зæххы хай уаз уыдзæнис иууылдæр. 2 Уы-
мæй-иу рахицæн кæнут, йæ дæргъ дæр æмæ
йæ уæрх дæр фæйнæ фондзсæдæ æлмæрины
кæмæн сты, ахæм зæххы хай, уымæн та ма йæ
алыварс уыдзæни сæрибар зæхх — фæндзай
æлмæрины йас. 3 Уаз зæххыл рахицæн кæнут,
йæ дæргъ дыууын фондз æлмæрины, йæ уæрх
та дæс æлмæрины кæмæн уыдзæн, ахæм хай.
Уым уыдзæни Рухсмонуат. 4 Ацы уаз зæххы хай
лæвæрд уыдзæни Дунедарæджы Кувæндоны
лæггадгæнæг сауджынтæн. Ам уыдзысты Ку-
вæндон æмæ сауджынты хæдзæрттæ.
5 Зæххы хайы иннæ æмбис — уымæн дæр
йæ дæргъ дыууын фондз мин æлмæрины,
йæ уæрх та дæс мин æлмæрины — лæвæрд
уыдзæни левиттæн, Кувæндоны лæггадгæн-
джытæн. Уый уыдзæни сæ зæххы хай, æмæ
дзы æрцæрдзысты.
6 Уаз зæххы хайы ныхмæ-иу рахицæн кæ-
нут æндæр зæххы хай сахарæн, йæ уæрх —
фондз мин æлмæрины, йæ дæргъ та — дыу-
уын фондз мин æлмæрины. Уый уыдзæн
æппæт Израилы адæмы исбон.
7 Адæмы фæтæгæн — Дунедарæджы зæхх-
исбоны æмæ сахары зæххисбоны æмных
æмæ се 'муæрх, скæсæнæрдыгæй дæр æмæ
ныгуылæнæрдыгæй дæр — ратдзыстут
зæххы хæйттæ. Уыдон скæсæнæрдыгæй
аххæсдзысты скæсæйнаг арæнты онг, ныгу-
ылæнæрдыгæй та — ныгуылæйнаг арæнты
онг. 8 Уый уыдзæни адæмы хистæрты зæххис-
бон Израилы, цæмæй мын фидæнмæ мауал
ссæндой Мæ адæмы æмæ Израилы хæдзар-
вæндæгты адæмæн байуарой зæххытæ».
9 Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Æгъ-
гъæд уын уæд, Израилы адæмы фæтæгтæ!

Мауал тых кæнут, мауал ссæндут, раст тæр-
хон хæссут! Мæ адæмы Мын мауал сурут
сæ зæххæй, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау. —
10 Раст барæнт уæ тæраз, уæ барæн ефæ æмæ
уæ барæн бат. 11 Барæн ефæ æмæ барæн бат
æмхуызон хъуамæ уой, сæ алкæй дæр хъу-
амæ цæуа хомеры дæсæймаг хай. Хъуамæ
барст цæуой хомермæ гæсгæ. 12 Шекелы ис
ссæдз герайы. Æхсай шекелы та уыдзысты
иу минæ.

13 Мæнæ, адæмы цы хуынтæ хæссын хъæуы,
уыдон: мæнæуы хомерæй — ефæйы æхсæзæм
хай, хъæбæрхоры хомерæй дæр — ефæйы
æхсæзæм хай, 14 оливæйы сойы корæй — баты
дæсæймаг хай (хомеры ис дæс баты), 15 Из-
раилы лыстæг фосы дзугтæй дыууæсæдæ
фысæй — иу фыс. Æппæт уыдон хъæуынц
хойраджы хуынæн, ииуылсудзинагæн
æмæ фидыды нывондæн, адæмы ссыгъдæг
кæныны охыл, — зæгъы Дунедарæг Хуы-
цау. — 16 Ахæм хуынтæ адæм хъуамæ хæссой
Израилы фæтæгæн. 17 Уымæн та йæ хæс у
адæмы ифтонг кæнын ииуылсудзинæгтæй,
хойраджы хуынтæй æмæ сæнæй — сабæттæ,
мæйногтæ æмæ иннæ бæрæгбæтты заман,
Израилы адæмы æппæт бæрæгбæтты заман,
цæмæй-иу Израилы адæм сæхи ссыгъдæг
кæныны тыххæй хæссой тæригъæды ны-
вæндтæ, хойраджы хуынтæ, ииуылсудзи-
нæгтæ æмæ фидыды нывæндтæ».

18 Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Фыц-
цаг мæйы фыццаг бон галты рæгъауæй райс
иу æнæсахъат гал æмæ Кувæндон ссыгъдæг
кæн. 19 Сауджын-иу уыцы тæригъæды нывон-
ды тугæй райсæд æмæ дзы бапырх кæнæд
Кувæндоны дуары тарвæзтæ, стæй, нывонд-
хæссæн цы къæпхæныл лæууы, уымæн йæ
цыппар фисыны, ноджы ма — мидæггаг
кæрты кулдуары цæджындзтæ. 20 Афтæ ба-
кæнын хъæудзæни мæйы æвдæм бон дæр,
æнæбары кæнæ æнæзонгæйæ чи фæтæри-
гъæдджын ис, уыдоны тыххæй. Афтæ-иу
ссыгъдæг кæнут Кувæндон.

21 Фыццаг мæйы цыппæрдæсæм бонæй
фæстæмæ авд боны дæргъы бæрæг кæнут
Куадзæн. Бæрæгбоны рæстæг-иу хæрут
донгонд дзултæ. 22 Фыццаг бон-иу адæмы
фæтæг йæхи æмæ бæстæйы æппæт адæмы
тыххæй тæригъæды нывондæн æрхæссæд
гал. 23 Уыцы авд боны дæргъы алы бон дæр
Дунедарæгæн ииуылсудзинагæн хæссæд
æнæсахъат авд галы æмæ æнæсахъат авд
фыры, тæригъæды нывондæн та сæгъты
дзугæй — иу цæу. 24 Хойраджы хуынæн-иу
гал-нывондимæ дæр æмæ фыр-нывондимæ
дæр æрхæссæд ссады фæйнæ ефæйы, ссады
иу ефæимæ та — оливæйы сойы иу гин.

25 Æвдæм мæйы фынддæсæм бонæй фæс-
тæмæ дæр, бæрæгбоны заман, авд боны
дæргъы хæссæд уыдæттæ: ахæм тæригъæды
нывонд, стæй ахæм ииуылсудзинаг, уый
бæрц хойраджы хуын æмæ уый бæрц оли-
вæйы сой».

**46** Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Ми-
дæггаг кæрты скæсæнварс кулдуар кусгæ
бонты, æхсæз боны дæргъы, æхгæд уыдзæн,
фæлæ сабаты, стæй мæйноджы бæрæгбоны
уыдзæни гом. 2 Фæтæг-иу бацæуæд кулдуа-
ры раз æддаг тыргъыл æмæ-иу æрлæууæд
кулдуары цæджындзты раз. Сауджынтæ-
иу ын æрхæссæнт йæ ииуылсудзинаг æмæ
йæ фидыды нывонд, уый та-иу кулдуары
раз бакувæд Дунедарæгмæ æмæ рацæуæд.
Кулдуар-иу изæрмæ æхгæд ма æрцæуæд.
3 Бæстæйы адæм-иу, кулдуарыл бахизыны
размæ, Дунедарæгмæ бакувæнт, сабаты дæр
æмæ мæйноджы бæрæгбоны дæр. 4 Адæмы
фæтæг-иу Дунедарæгæн сабаты æрхæссæд
ииуылсудзинæгтæ: æхсæз æнæсахъат фысы
æмæ иу æнæсахъат фыр. 5 Хойраджы хуы-
нæн-иу фыр-нывондимæ æрхæссæд ссады
иу ефæ, алы уæрыккимæ та — йæ къух цас
амона, уый бæрц, стæй ссады ефæимæ —
оливæйы сойы иу гин.

6 Мæйноджы бæрæгбоны-иу галты рæгъа-
уæй нывондæн æрхæссæд æнæсахъат гал,
стæй æхсæз уæрыччы æмæ иу фыр, уыдон
дæр æнæсахъат куыд уой, афтæ.

7 Хойраджы хуынæн-иу гал-нывондимæ
æрхæссæд ссады иу ефæ, фыр-нывондимæ
дæр — афтæ, алы уæрыккимæ та — йæ къух
цас амона, уый бæрц, стæй ссады ефæимæ —
оливæйы сойы иу гин. 8 Адæмы фæтæг-иу
куы ’рбацæуа, уæд-иу мидæмæ бацæуæд
кулдуары раз тыргъыл, æддæмæ дæр-иу ра-
цæуæд афтæ. 9 Бæстæйы адæм бæрæгбæтты
заман Дунедарæджы размæ куы цæуой, уæд,
бакувынмæ цæгатварс кулдуарыл чи бацæуа,
уый-иу фæстæмæ та рацæуæд хуссарварс
кулдуарыл, хуссарварс кулдуарыл чи бацæ-
уа, уый та-иу фæстæмæ рацæуæд цæгатварс
кулдуарыл. Мидæмæ цы кулдуарыл бацыд,
ууыл-иу ма рацæуæд фæстæмæ, фæлæ ра-
цæуæд уымæн йæ бакомкоммæ кулдуарыл.
10 Адæмы фæтæг семæ хъуамæ уа. Адæм куы
бацæуой, уæд-иу бацæуæд уый дæр, куы ра-
цæуой, уæд та-иу уый дæр рацæуæд.

11 Бæрæгбæтты заман-иу адæмы фæтæг
гал-нывондимæ æмæ фыр-нывондимæ

хойраджы хуынтæн æрхæссæд ссады фæйнæ ефæйы, уæрыччытимæ та — йæ къух цас амона, уый бæрц, стæй ссады ефæимæ — оливæйы сойы иу гин.

[12] Адæмы фæтæг Дунедарæгæн иуыылсудзинаг кæнæ фидыды нывонд бархийæ æрхæссинаг куы уа, уæд-иу ын байгом кæнæнт скæсæйнаг кулдуар, æмæ-иу, сабаты куыд бакодта, афтæ æрхæссæд йæ иууылсудзинаг æмæ йæ фидыды нывонд, уый фæстæ-иу рацæуæд. Куы рацæуа, уæд-иу кулдуар æхгæд æрцæуæд йæ фæдыл.

[13] Алы бон дæр-иу, æрвылрайсом, Дунедарæгæн иууылсудзинагæн æрхæсс афæдздзыд уæрыкк. [14] Алы райсом дæр ыл хойраджы хуынæн æфтау ссады ефæйы æхсæзæм хай æмæ оливæйы сойы гины æртыццаг хай, ссад сызмæнтынæн. Уый у æрвылбоны уагæвæрд мыггагмæ, Дунедарæгæн хойраджы хуын хæссыны тыххæй. [15] Æрвылрайсом дæр иууылсудзинагæн хæссын хъæуы фыс, стæй хойраджы хуын æмæ оливæйы сой».

[16] Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Адæмы фæтæг йæ исбонæй йæ фырттæй искæмæн лæвар куы ракæна, уæд уыцы лæвар дарддæр æрхаудзæни уый фырттæм дæр. Афтæмæй уыцы исбон суыдзæни фыдæй-фыртмæйы исбон. [17] Йæ исбонæй йæ цагъартæй искæмæн куы ралæвар кæна, уæд цагъары хай уыдзæни ссæрибары афæдзы онг, стæй фæстæмæ суыдзæн адæмы фæтæджы исбон. Афтæмæй йæ исбон æрмæст йæ фырттæ хай суыдзæн. [18] Æцæг, фæтæгæн йæ бон нæу адæмы исбонæй райсын, сæ зæххытæй сæ сурын. Йæ фырттæн йæ бон дæттын у æрмæст йæхи исбонæй, Мæ адæмæй та йæ зæххы хайæ никæй æмбæлы сурын».

[19] Кулдуары фарсмæ бацæуæныл мæ уыцы лæг бакодта сауджынтæн лæвæрд уаз агъуыстытæм, се ’ргом цæгатæрдæм арæзт кæмæн уыд, уыдонмæ. Се ’ппæты кæрон, ныгуылæнварсæрдыгæй, уыдис иу бынат. [20] Уыцы лæг мын загъта: «Сауджынтæ ацы бынаты фыцдзысты фиддоны æмæ тæригъæды нывæндтæ, стæй хойраджы хуынтæ. Æддаг кæртмæ дзы ницы рахæсдзысты, цæмæй адæмæй, уаз цы у, ууыл мачи бандзæва». [21] Уыцы лæг мæ ракодта æддаг кæртмæ, бакодта мæ кæртæн йæ цыппар къуыммæ дæр, æмæ ма йын йæ алы къуымы дæр федтон фæйнæ кæрты. [22] Кæрты къуымты уыди фæйнæ сæрæмбæрзт кæрты. Уыдонæй алкæцы дæр дæргъмæ уыди дыууиссæдз æлмæрины, уæрхмæ та — дæс æмæ ссæдз. Афтæмæй, цыппар къуымы кæртытæ уыдысты æмиæстæ. [23] Алы кæртæн дæр йæ алыварс уыди быру, быруйы æмкъул та алырдыгæй — къонатæ. [24] Уыцы лæг мын загъта: «Адон сты, Кувæндоны лæггадгæнджытæ адæмы нывæндтæ кæм фыцынц, уыцы цæлгæнæнтæ».

**47** Уый фæстæ мæ уыцы лæг фæстæмæ æрбакодта Кувæндоны дуармæ, æмæ федтон, Кувæндоны къæсæры бынæй скæсæнæрдæм дон куыд цæуы, уый — Кувæндонæн йе ’ргом арæзт уыди скæсæнæрдæм. Дон Кувæндоны рахиз фисыны ’рдыгæй калди нывондхæссæны хуссарвæрсты. [2] Уыцы лæг мæ ракодта цæгатварс кулдуарыл æмæ мæ æддæты бакодта æддаг кулдуармæ, йе ’ргом скæсæнæрдæм арæзт кæмæн у, уымæ. Кулдуарæн йæ рахизфæрсты калди дон.

[3] Уыцы лæг цыди скæсæнæрдæм æмæ, йæ къухы цы барæн синаг уыд, уымæй абарста мин æлмæрины æмæ мæ акодта доны сæрты. Дон уыди мæ фадхъулты онг. [4] Уый ма ноджы абарста мин æлмæрины æмæ та мæ акодта доны сæрты. Дон уыди мæ уæраджы сæртæм. Ноджыдæр ма абарста мин æлмæрины æмæ та мæ акодта. Дон уыди мæ астæумæ. [5] Иу хатт ма абарста мин æлмæрины, æмæ дон ахæм гуылфæн самадта, æмæ йыл цæуын нæ фæрæзтон. Ахæм арф уыд, æмæ йыл ацæуæн нæ уыди, ленк кæнын дзы хъуыд.

[6] Уыцы лæг мын загъта: «Адæймаджы фырт, федтай?» Æмæ мæ фæстæмæ доны былмæ ракодта. [7] Сурмæ куы рахызтæн, уæд цæугæдоны былгæрæтты, дыууæрдыгæй дæр, æз федтон бирæ бæлæстæ.

[8] Уыцы лæг мын загъта: «Ацы дон цæуы скæсæнæрдæм, Иорданы дæлвæзы онг, уым бакæлдзæни денджызмæ æмæ денджызы дон суыдзæнис æнæнизгæнæг.

[9] Дыууæ гуылфæны денджызмæ кæм бакæлой, уыцы ран алы змæлæгойтæй байдзаг уыдзæн, бирæ дзы уыдзæни кæсæгтæ дæр, уымæн æмæ ацы дон бакæлдзæни уырдæм æмæ денджызы дон суыдзæни æнæнизгæнæг. Ацы дон кæдæм бакæла, уым уыдзæни цард. [10] Доны былыл Ен-Гедийæ Еглаимы онг кæфахсджытæ лæудзысты æмæ сæ хызтæ хус кæнынмæ таудзысты. Стыр денджызау ам дæр уыдзæни тынг бирæ алымыггаг кæсæгтæ. [11] Денджызы цур цъымаратæ æмæ култæ æнæнизгæнæг не суыдзысты, уыдон баззайдзысты цæхджынæй, цæмæй сæ цæхх исой.

[12] Цæугæдоны былгæрæтты дыууæрдыгæй дæр зайдзæн алымыггаг дыргъ бæлæстæ. Сæ сыфтæр нæ хус кæндзæн æмæ сæ дыргъ нæ куынæг кæндзæн. Алы мæй дæр-иу сыл

срæгъæд уыдзæни ног дыргътæ, уымæн æмæ
сæ донæй æфсаддзæн Кувæндонæй кæлæг
цæугæдон. Сæ дыргъæй сын исдзысты хæ-
рынæн, сæ сыфтæрæй та — низтæй дзæбæх
кæнынæн».
13Афтæ зæгъы Дунедарæг Хуыцау: «Мæнæ
ацы арæнтыл байуарут зæхх Израилы дыууа-
дæс хæдзарвæндагæн — фыдæй-фыртмæйы
исбонæн. Йосефы хæдзарвæндагæн лæвæрд
æрцæуæд дыууæ хайы. 14Алчидæр-иу уæ
райсæд йæ исбоны зæхх. Æз, Мæ къух хæрд-
мæ сисгæйæ, расомы кодтон, уæ фыдæлтæн
æй кæй ратдзынæн, ууыл, æмæ уын ацы зæхх
уыдзæни фыдæй-фыртмæйы исбон.
15Мæнæ бæстæйы цæгатаг арæн. Стыр ден-
джызæй райдай æмæ Хетлон, Цедад, 16Хамат,
Берота, Дамаск æмæ Хаматы ’хсæн лæууæг
сахар Сивраимыл бахиз Хавраны æмарæн
лæууæг сахар Хацер-Тихонмæ. 17Уымæй
цæгатæрдæм, денджызæй Хацар-Энаны
онг, сæхи айтыгъътой Дамаск æмæ Хаматы
зæххытæ. Уый у цæгатаг арæн.
18Скæсæйнаг арæнхахх æрæвæрут Хавран
æмæ Дамаскы ’хсæн арæныл æмæ йæ рауа-
дзут Галаад æмæ Израилы ’хсæнты кæлæг
Иорданыл, цæгатаг арæнæй скæсæйнаг ден-
джызы онг. Уый у скæсæйнаг арæн.
19Хуссайраг арæн, Негевы, йæхи айтыгъта
сахар Тамарæй Мериват-Кадешы доны онг,
стæй дон-дон суанг Стыр денджызы онг. Уый
у хуссайраг арæн Негевы.
20Ныгуылæйнаг арæн у Стыр денджыз йæ
былгæронимæ, Мысыры арæнæй райдай
æмæ суанг Хаматы онг. Уый у ныгуылæй-
наг арæн.
21Ацы зæхх байуарут Израилы хæдзар-
вæндæгтыл. 22Байуарут æй халæппæрстæй
уе ’хсæн, стæй, æрцæуæггагæй уæм чи цæ-
ры, цот кæмæн рацыд, уыдоны ’хсæн дæр.
Израилæгтау уыдон дæр нымад æрцæуæнт
бынæттон цæрджытыл æмæ сымахимæ хай
райсæнт Израилы хæдзарвæндæгты ’хсæн.
23Чи сæ кæцы хæдзарвæндаджы зæххыл
цæры, уыцы зæххыл ын раттут йæ исбоны
хай», — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.

**48** Мæнæ Израилы хæдзарвæндæгты
нæмттæ. Цæгатаг арæныл скæсæйнаг арæ-
нæй ныгуылæнæрдæм, Стыр денджызы онг,
йæхи айтыгъта Даны хæдзарвæндаджы хай —
иу хай. Ауылты Дамаскы цæгатаг арæнæй
цæуы фæндаг Хетлонмæ, Хаматмæ æмæ
Хацар-Энанмæ. 2Даны хæдзарвæндаджы
æмарæн, скæсæнæй ныгуылæнмæ, ис Аси-
ры хæдзарвæндаджы хай — иу хай. 3Асиры
хæдзарвæндаджы æмарæн, скæсæнæй ныгу-
ылæнмæ, ис Неффалимы хæдзарвæндаджы
хай — иу хай. 4Неффалимы хæдзарвæнда-
джы æмарæн, скæсæнæй ныгуылæнмæ, ис
Менассиайы хæдзарвæндаджы хай — иу
хай. 5Менассиайы хæдзарвæндаджы æма-
рæн, скæсæнæй ныгуылæнмæ, ис Ефремы
хæдзарвæндаджы хай — иу хай. 6Ефремы
хæдзарвæндаджы æмарæн, скæсæнæй ны-
гуылæнмæ, ис Рувимы хæдзарвæндаджы
хай — иу хай. 7Рувимы хæдзарвæндаджы
æмарæн, скæсæнæй ныгуылæнмæ, ис Иу-
дæйы хæдзарвæндаджы хай — иу хай.
8Иудæйы хæдзарвæндаджы æмарæн уы-
дзæни уаз зæххы хай; цæгатæй хуссарæрдæм
йæ уæрх — фондз æмæ ссæдз мин æлмæри-
ны, йæ дæргъ та скæсæнæй ныгуылæнæр-
дæм — иннæ зæххы хæйтты хуызæн. Йæ
астæу уыдзæни Кувæндон.
9Дунедарæгæн-иу рауæлдай кæнут, йæ
дæргъ фондз æмæ ссæдз мин æлмæрины
кæмæн уа, йæ уæрх та — дæс мин æлмæ-
рины, ахæм зæххы хай. 10Ацы уаз зæхх у
сауджынты хай; цæгатæрдæм дæргъмæ у
фондз æмæ ссæдз мин æлмæрины, ныгуы-
лæнæрдæм та уæрхмæ у дæс мин æлмæрины;
скæсæнæрдæм уæрхмæ у дæс мин æлмæри-
ны, хуссарæрдæм та дæргъмæ — фондз æмæ
ссæдз мин æлмæрины. Йæ астæу уыдзæни
Дунедарæджы Кувæндон. 11Уый-иу рауæл-
дай кæнут сауджынтæн, Цадокы байзæд-
дагæй чи у, Мæ Кувæндоны Мын уазлæггад
чи кодта, уыдонæн. Израилæгтæ Мæ куы
ныууагътой, уæд мыл адон иннæ левиттау
сæхи нæ атигъ кодтой. 12Æмæ уымæ гæсгæ
уаз зæххæй райсдзысты ацы иууылуаз хай,
левитты арæныл.
13Левиттæ дæр сауджынты æмарæн райс-
дзысты хай, йæ дæргъ — фондз æмæ ссæдз
мин æлмæрины, йæ уæрх та — дæс мин æл-
мæрины. 14Уыцы хайæ сын нæдæр ауæйгæ-
нæн уыдзæни, нæдæр баивæн. Уый уыцы
зæххæн йæ хуыздæр хай у, æмæ хъуамæ
къухæй-къухмæ ма цæуа, уымæн æмæ уый
у Дунедарæджы уаз хай.
15Иннæ зæххы хай, йæ уæрх фондз мин
æлмæрины кæмæн у, йæ дæргъ та — дыу-
уын фондз мин æлмæрины, уый у сахарæн
лæвæрд. Уыдзæнис иумæйаг, уазыл нымад
нæ уыдзæн, цæмæй дзы адæм æрцæрой. Уым
уыдзысты сахарæн йæ уæтæртæ дæр. Сахар
йæхæдæг та уыдзæнис астæуæй.
16Мæнæ сахарæн йæ ас, уæрхмæ дæр æмæ
дæргъмæ дæр: йæ цæгатварс — цыппар мин
фондзсæдæ æлмæрины, йæ хуссарварс

дæр — цыппар мин фондзсæдæ æлмæ-
рины, йе скæсæнварс дæр — цыппар мин
фондзсæдæ æлмæрины, йæ ныгуылæнварс
дæр — цыппар мин фондзсæдæ æлмæрины.
17Сахарæн йæ уæтæрты фæтæн цæгатæрдæм
у дыууæсæдæ фæндзай æлмæрины, скæ-
сæнæрдæм дæр — дыууæсæдæ фæндзай
æлмæрины, хуссарæрдæм дæр — дыууæсæ-
дæ фæндзай æлмæрины, ныгуылæнæрдæм
дæр — дыууæсæдæ фæндзай æлмæрины.
18Уаз зæххы ныхмæ скæсæнæрдæм ис дæс
мин æлмæрины дæргъæн хай, ныгуылæнæр-
дæм дæр — афтæ. Уыцы зæххыты тыллæг
уыдзæни сахары цæрджыты, фæллойгæн-
джыты, хæлц. 19Зæххытæм хъуамæ зилой
сахары цæрджытæ — Израилы æппæт хæ-
дзарвæндæгты минæвæрттæ.

20Уаз зæхх æмæ сахары зæххисбоны æп-
пæт фæзахст у æмхуызон цыппаркъуымон —
дыууæрдæм дæр фæйнæ дыууын фондз мин
æлмæрины. 21-22Ацы фæзахсты фæйнæфарс
зæххытæ — скæсæнæрдæм Иорданы онг,
ныгуылæнæрдæм та денджызы онг — сты
фæтæджы хай. Дыууæрдæм дæр сæ уæрх —
дыууын фондз мин æлмæрины. Афтæмæй,
Иудæйы хæдзарвæндаджы зæххисбон æмæ
Бениамины хæдзарвæндаджы зæххисбоны
’хсæн цыдæриддæр зæххытæ ис, Кувæндоны
зæххытæ, левитты зæххытæ æмæ сахары
зæххытæ рахицæн кæнгæйæ, уыдон сты
фæтæджы хай.

23Иннæ хæдзарвæндæгты хæйттæй, скæ-
сæнæй ныгуылæнмæ, иу у Бениамины хæ-
дзарвæндаджы хай. 24Бениамины хæдзар-
вæндаджы æмарæн, скæсæнæй ныгуылæн-
мæ, ис Симеоны хæдзарвæндаджы хай — иу
хай. 25Симеоны хæдзарвæндаджы æмарæн,
скæсæнæй ныгуылæнмæ, ис Иссахары хæ-
дзарвæндаджы хай — иу хай. 26Иссахары
хæдзарвæндаджы æмарæн, скæсæнæй ны-
гуылæнмæ, ис Зевулоны хæдзарвæндаджы
хай — иу хай. 27Зевулоны хæдзарвæндаджы
æмарæн, скæсæнæй ныгуылæнмæ, ис Га-
ды хæдзарвæндаджы хай — иу хай. 28Гады
хæдзарвæндаджы æмарæн ис Негев, йæхи
айтыгъта сахар Тамарæй Мериват-Каде-
шы доны онг, стæй дон-дон — суанг Стыр
денджызы онг.

29Гъе уый у, Израилы хæдзарвæндæгтæн
халæппæрстæй кæй байуардзыстут, уыцы
зæхх, сæ зæххы хæйттæ, — зæгъы Дунеда-
рæг Хуыцау.

30-31Мæнæ сахары кулдуæрттæ, ис сын
Израилы хæдзарвæндæгты нæмттæ. Цæ-
гатæрдыгæй — ам сахары дæргъ у цыппар
мины æмæ фондзсæдæ æлмæрины — ис
æртæ кулдуары: Рувимы кулдуар, Иудæ-
йы кулдуар æмæ Левийы кулдуар. 32Скæ-
сæнæрдыгæй — ам дæр сахары дæргъ у
цыппар мины æмæ фондзсæдæ æлмæри-
ны — ис æртæ кулдуары: Йосефы кулдуар,
Бениамины кулдуар æмæ Даны кулдуар.
33Хуссарæрдыгæй — ам дæр сахары дæргъ
у цыппар мины æмæ фондзсæдæ æлмæри-
ны — ис æртæ кулдуары: Симеоны кулдуар,
Иссахары кулдуар æмæ Зевулоны кулдуар.
34Денджызы ’рдыгæй — ам дæр сахары
дæргъ у цыппар мины æмæ фондзсæдæ
æлмæрины — ис æртæ кулдуары: Гады
кулдуар, Асиры кулдуар æмæ Неффали-
мы кулдуар.

35Сахары алыварс æдæппæтæй у æстдæс
мин æлмæрины. Йæ ном фидæны уыдзæни:
«Дунедарæг уым ис».

# Пехуымпар Даниилы чиныг

Даниилы чиныджы фыццаг хайы архайд цæуы, дзуттаг адæм вавилойнаг уацары, æцæгæлон æмæ æгъатыр паддзах Навуходоносоры æфсондзы бын куы уыдысты, уыцы заман. Фæстæдæр Вавилон бацахстой персайнæгтæ æмæ мидиæгтæ, æмæ чиныджы сæйраг архайæг, пехуымпар Даниил, лæггад кæнын райдыдта æндæр паддзахы галуаны, фæлæ уым дæр фыдбылызæй хызт нæ уыди.

Чиныг арæзт у дыууæ сæйраг хайæ. Фыццаг хайы (1–6 сæртæ) лæвæрд цæуы æхсæз радзырды Даниил æмæ йын Вавилоны цы 'мбæлттæ уыдис, уыдоны тыххæй. Алыхуызон дæнцæгтæ хæсгæйæ, автор æвдисы, Хуыцау æмæ Уый Æгъдауыл иузæрдион уæвын тæссаг уавæры дæр куыд ахсджиаг у, уый: Хуыцауы бон у Йæ иузæрдионты фервæзын кæнын æмæ сын се знæгты ахъаззаг æфхæрд бакæнын.

Дыккаг хайы (7–12 сæртæ) — иннæ адæмты 'хсæн дзуттæгтæ фидæны цы бауыдзысты, уый йын раргом кæныны тыххæй Хуыцау Даниилæн цы цæстылуайæнтæ равдыста, уыдон. Символикон хуызы æвдисынц, иу æгъатыр паддзахад иннæйы куыд раивы, уый, фæлæ дзы иуæн дæр йæ хицаудзинад æнусон нæу. Æппынфæстаг Хуыцау ратдзæни сæрмагонд паддзахы, æмæ уый хицауиуæг кæндзæнис æнустæм, уымæ æрмæст Израилы нæ.

Чиныджы егъау хай фыст у дзуттаг нæ, фæлæ арамейаг æвзагыл: уæды рæстæджы Хæстæг Скæсæны алы адæмтæ кæрæдзиимæ ныхас кодтой уыцы æвзагыл.

---

**1** Паддзах Иоаким æртыккаг аз паддзахиуæг кодта иудейаг бæстæйы. Уыцы заман
æрбабырста Вавилоны паддзах Навуходоносор æмæ Йерусалимы сахарыл æрхъула
кодта. 2Дунедарæг Иоакимы вавилойнаг
паддзахы уацары бакодта. Навуходоносор
Хуыцауы хæдзары мигæнæнтæн сæ иу хай
Шинары бæстæм аласта æмæ сæ йæ хуыцауы
хæдзары хæзнадоны сæвæрдта.
3Паддзах Навуходоносор йæ лæггадгæнджыты хистæр Ашпеназæн бафæдзæхста,
цæмæй израилаг уæздæтты 'хсæн равзара
4бакастджын, ахуырмæ зæрдæргъæвд, зонджын æмæ æмбаргæ лæппуты — фидæны
паддзахы галуаны сæ бон лæггад кæнын
кæмæн суыдзæн, ахæмты. Лæппуты хъуамæ халдейагау кæсын æмæ фыссын сахуыр
кодтаиккой. 5Навуходоносор бафæдзæхста,
цæмæй сæ æрвылбон, паддзахы фынгыл цы
хæрд æмæ нозт вæййы, уыдонæй æфсадой.
Хъуамæ сæ æртæ азы фæцахуыр кодтаиккой,
æмæ уый фæстæ паддзахæн лæггад кæнын
райдыдтаиккой. 6Иудейаг лæппуты 'хсæн
уыдысты Даниил, Хананиа, Мишаел æмæ
Азариа дæр. 7Лæггадгæнджыты хистæр сыл
æндæр нæмттæ сæвæрдта: Даниилыл — Белтешацар, Хананиайыл — Шадрах, Мишаелыл — Мешах, Азариайыл — Авед-Него.
8Даниил фидарæй сфæнд кодта нæфæтчиаг хæринаг æмæ ноззтæй йæхи нæ фæхъæстæ
кæнын æмæ лæггадгæнджыты хистæрæн загъта, ахæм бар мын ратт, зæгъгæ. 9Хуыцауы фæрцы лæггадгæнджыты хистæр Даниилмæ хорз
зæрдæ дардта, уарзта йæ, 10фæлæ уæддæр не
сразы ис: «Æз тæрсын мæ хицауæй, паддзахæй.
Цы хæрат æмæ цы нуазат, уый уын йæхæдæг
равзæрста, æмæ паддзах, уе 'мгæрттæй фæфыдхуыздæр стут, уый куы бафиппайа, уæд
мын мæ сæр акъуырдзæн». 11Уæд Даниил бахатыд, лæггадгæнджыты хистæры амындмæ
гæсгæ, Даниил, Хананиа, Мишаел æмæ Азариимæ йæ цæст чи дардта, уыцы лæгмæ: 12«Дæ
хорзæхæй, бафæлвар дæ цагъарты. Дæс боны
нын дон æмæ халсартæ йеддæмæ мацы ратт.
13Уый фæстæ-иу бакæс, паддзахы фынгæй
чи хордта, уыцы лæппутæм æмæ махмæ. Дæ
цагъартæ стæм мах, цы фенай, уымæ гæсгæ
нын-иу стæрхон кæн». 14Уый сразы ис æмæ сæ
дæс боны фæлвæрдта. 15Дæс боны фæстæ, паддзахы фынгæй цы лæппутæ хордтой, уыдонæй
хæрзхуыздæр æмæ æнæниздæр разындысты.
16Уæдæй фæстæмæ сын-иу цæстдарæг сæ хæринаг æмæ сæ нозт фæстæмæ ахаста, лæвæрдта
сын æрмæстдæр халсартæ.
17Хуыцау цыппар лæппуйы схайджын
кодта уæлзондæй, цавæрфæнды чиныджы
алы фыст дæр æмбæрстой. Даниил та ма
хайджын уыдис алыхуызон фынтæ æмæ
цæстылуайæнтæ æмбарын кæныны курдиатæй дæр.

18Æртæ азы фæстæ лæггадгæнджыты хис-
тæр израилаг лæппуты иуылдæр Навухо-
доносоры размæ æрбакодта. 19Паддзах семæ
фæныхас кодта, æмæ лæппутæй Даниил,
Ханаииа, Мишаел æмæ Азариаимæ абарæн
дæр никæй уыд. Уыйадыл паддзахæн лæггад
кæнын райдыдтой. 20Паддзах-иу сæ цыфæн-
ды хъуыддагæй дæр куы фарста, уæд-иу
æгас паддзахады дæсныфæрсджытæ æмæ
кæлæнгæнджытæй дæс хатты зонджындæр
разындысты. 21Даниил паддзахы галуаны
лæггад кодта, цалынмæ Кир Вавилоны бæс-
тæйы паддзах сси, уæдмæ.

**2** Вавилойнаг паддзах Навуходоносор дык-
каг аз паддзахиуæг куы кодта, уæд федта
æнахуыр фын. Уыйадыл катайы бацыд æмæ
йæ хуыссæг нал ахста. 2Паддзах фæсидти
кæлæнгæнджытæ, дæсныфæрсджытæ, стъа-
лыдæснытæ æмæ халдейаг куырыхонтæм.
Куы æрбацыдысты æмæ йæ разы куы æрлæу-
уыдысты, уæд сын 3паддзах загъта: «Æз фед-
тон фын æмæ тыхсын, уымæн æмæ йæ мæ
бон бамбарын нæу». 4Халдейаг куырыхонтæ
паддзахæн дзуапп радтой арамейаг æвзагыл:
«Паддзах, бирæ азты нын дзæбæхæй цæр!
Мах стæм дæ цагъартæ. Радзур нын дæ фын,
æмæ дын, цы амоны, уый зæгъдзыстæм».
5Паддзах халдейæгтæн загъта: «Мæ ныха-
сæн ивæн нæй! Мæ фын цы амоны, уый мын
куынæ зæгъат, уæд уæ уæнггай скæндзысты,
уæ хæдзæрттæ та уын хæлддзæгты кæритæ
фестын кæндзысты! 6Фæлæ мын мæ фын куы
радзурат æмæ мын, цы нысан кæны, уый куы
зæгъат, уæд уын хæрзиуджытæ ратдзынæн
æмæ уын стыр кад скæндзынæн. Мæ фын
цы амоны, уый мын зæгъут!» 7Уыдон ын
ногæй загътой: «Паддзах, мах дæ цагъартæ
стæм. Радзур нын дæ фын, æмæ дын уæд,
цы амоны, уый зæгъдзыстæм». 8-9Паддзах
сын загъта: «Ныр æз бамбæрстон, фæдфæ-
ливæнтæ кæй кæнут, уый. Мæ бардзырд нæ
аивдзынæн, уый уынут æмæ зонут: мæ фын
мын куынæ райхалат, уæд уæм æнхъæлмæ
кæсы æрмæстдæр иу тæрхон! Баныхас кодтат
æмæ мын гæды ныхæстæ кæнут, ома кæд
исты хуызы фервæзиккам. Радзурут мын
мæ фын, æмæ мæ уæд бауырндзæн, уæ бон
æй райхалын кæй у, уый!»
10Куырыхонтæ паддзахæн загътой: «Зæх-
хыл никæй бон бауыдзæн паддзахы домæн
сæххæст кæнын. Иу номдзыд æмæ хъомыс-
джын паддзах дæр дæсныфæрсджытæ, кæ-
лæнгæнджытæ æмæ стъалыдæснытæм ахæм
фарст никуыма радта. 11Паддзахы фарст
ахæм зын у, æмæ йын, хуыцæутты йеддæ-
мæ, дзуапп ничи ратдзæн, фæлæ уыдон
адæмимæ нæ цæрынц». 12Уыцы ныхæстæм
паддзах фыр мæстæй тæгæлтæ хаудта æмæ
бардзырд радта, Вавилоны куырыхонты
иууылдæр ныццæгъдут, зæгъгæ.
13Куырыхонты амарыны бардзырд куы
рацыд, уæд Даниил æмæ йе 'мбæлттæм дæр
æнхъæлмæ касти мæлæт. 14-15Паддзах вави-
лойнаг куырыхонты амарын бабар кодта
Ариохæн, паддзахы хъахъхъæнджыты хи-
цауæн. Даниил Ариохмæ бацыд æмæ йæ ба-
фарста: «Паддзах ахæм карз тæрхон цæмæн
рахаста?» Уый Даниилæн хъуыддаг бамба-
рын кодта. 16Уæд Даниил паддзахмæ бацыд
æмæ фын райхалынæн рæстæг ракуырдта.
17Даниил æрбацыди йæ хæдзармæ æмæ
йе 'мбæлттæн, Ханаииа, Мишаел æмæ Аза-
риайæн, хабар бамбарын кодта: 18Уæларвон
Хуыцауæй хорзæх курæнт, цæмæй сын фыны
сусæгдзинад раргом кæна æмæ сæ Вавилоны
иннæ куырыхонтимæ ма амарой. 19Уыцы
æхсæв Даниил федта цæстылуайæн, æмæ
йын сусæгдзинад раргом чындæуыд.
Даниил Хуыцауæн арфæ ракодта: 20«Хуы-
цауы ном арфæгонд уæд мыггагмæ! Уымæ
ис хъару æмæ уæлзонд! 21Йæ фæндонæй
замантæ заманты ивынц; адæймагæй пад-
дзах дæр Уый скæны, йæ бынатæй дæр æй
Уый сисы; куырыхонтæн ратты уæлзонд,
æмбаргæты схайджын кæны зондæй. 22Ды
раргом кæныс арф сусæгтæ, талынджы Дæ
ницы ис бамбæхсæн. Ды кæм дæ, уым æп-
пынæдзухæй рухс у.
23Кад æмæ Дын арфæ кæнын, мæ фыдæлты
Хуыцау! Радтай мын хъару æмæ уæлзонд!
Сæххæст нын кодтай нæ курдиат — паддза-
хы фын нын раргом кодтай».

24Уый фæстæ Даниил ацыдис Ариохмæ,
паддзах вавилойнаг куырыхонты кæмæн ма-
рын кодта, уымæ æмæ йын загъта: «Ма амар
вавилойнаг куырыхонты. Бакæн мæ паддзах-
мæ, æмæ йын æз, йæ фын цы амоны, уый
зæгъдзынæн». 25Ариох Даниилы уайтагъд
паддзахы раз балæууын кодта æмæ загъта:
«Паддзах! Иудейæ кæй æрбакодтой, уыцы
хаст адæмы 'хсæн иу лæджы ссардтон. Уый
дын, дæ фын цы амоны, уый радзурдзæн».
26Уæд паддзах, Белтешацар кæй хуыдтой,
уыцы Даниилы бафарста: «Дæуæн дæ бон
æцæг у мæ фын радзурын æмæ, цы амоны,
уый зæгъын?» 27Даниил паддзахæн дзуапп
радта: «Паддзах цы сусæгдзинадæй фæрсы,
уый йын куырыхонтæ, кæлæнгæнджытæ,

дæсныфæрсджытæ æмæ стъалыдæснытæ
нæ раргом кæндзысты. 28Фæлæ уæлæрвты ис
сусæгтæ Æргомгæнæг Хуыцау, æмæ Уый пад-
дзах Навуходоносорæн раргом кодта, рæс-
тæджы кæрон цы æрцæудзæнис, уыдæттæ.

29Паддзах, æхсæвыгон сагъæсы куы ба-
цыдтæ, уæд дын сусæгтæ Æргомгæнæг фе-
нын кодта фидæны цаутæ. 30Паддзах, æз
дунейы æппæтæй зондджындæр нæ дæн.
Ацы сусæгдзинад мын уымæн раргом ис,
цæмæй дын дæ фын райхалон, æмæ дæ цы
тыхсын кæны, уый бамбарай.

31Паддзах, мæнæ цы федтай: дæ разы лæу-
уыдис егъау гуымиры, æвирхъау æрттывд
кодта æмæ йæ уындæй тас æфтыдта. 32Йæ
сæр уыди сыгъдæг сыгъзæринæй, йæ риу
æмæ йæ къухтæ — æвзистæй, йæ гуыбын
æмæ йæ синтæ — æрхуыйæ, 33йæ зæнгтæ —
æфсæнæй, йæ фадтæ та — æлыгæй. 34Уалын-
джы хохæй йæхи æгъдауæй дур фæхицæн ис,
гуымирыйы æлыг æмæ æфсæйнагæй конд
къæхтыл æрхаудис æмæ сæ ныззыгуым код-
та. 35Æмæ уæд æфсæн, æлыг, æрхуы, æвзист
æмæ сыгъзæрин нызгъæлæнтæ сты. Дымгæ
сæ сæрдыгон мусы зыгуымау ахаста, æмæ
сæ фæд дæр нал фæзынди. Гуымирыйыл цы
дур æрхауди, уый та фестади, зæхх æгасæй
дæр чи бацахста, ахæм хох.

36Уый уыди дæ фын. Ныр та паддзахæн
радзурдзынæн, цы амоны, уый.

37Паддзах! Ды дæ паддзæхты паддзах! Уæ-
ларвон Хуыцау дæ скодта паддзахад, хъомыс,
тых æмæ кады аккаг, 38æгас дунейы дæ адæм,
зæххон сырдтæ æмæ уæларвон мæргътæн
хицау скодта. Сыгъзæрин сæр ды дæ! 39Дæ
фæстæ фæзындзæн æндæр, лæмæгъдæр,
паддзахад, уый фæстæ та æртыккаг — æрхуы
паддзахад. Йæ паддзах æгас зæххыл паддза-
хиуæг кæндзæн. 40Цыппæрæм паддзахад
æфсæйнагау фидар уыдзæн. Æфсæйнаг алцы
куыд ныппырх æмæ ныззыгуым кæны, афтæ
уый дæр, йæ размæ цы паддзахæдтæ уыди,
уыдон ныддæрæн кæндзæн. 41Къæхтæ æмæ
къахы æнгуылдзтæ æлыг æмæ æфсæнæй
конд кæй уыдысты, уый та, паддзахад кæй
ныддихтæ уыдзæн, уый амоны. Хæрз чы-
сыл рæстæг æфсæнвидар уыдзæн, уымæн
æмæ æфсæн æмæ æлыг æмхæццæйæ федтай.
42Кæм фидар уыдзæн, кæм та — лæмæгъ,
къахы фадтæ æфсæн æмæ æлыгæй конд кæй
уыдысты, уымæ гæсгæ. 43Æфсæйнаг æмæ
æлыг фæрсæй-фæрстæм куыд уыдысты,
афтæ паддзахады хæйттæ дæр иудзинадмæ
тырндзысты æмæ сæ чызджыты кæрæдзи-
мæ моймæ дæтдзысты, фæлæ, æфсæйнаг
æлыгимæ куыд нæ баиу уыдзæн, афтæ уы-
донмæ дæр иудзинад никуы фæзындзæн.
44Ацы паддзахæдты заман Уæларвон Хуыцау
сырæзын кæндзæн мыггагмæйы паддзахад.
Уыцы паддзахадыл æндæр адæмтæ никуы
фæуæлахиз уыдзысты, никуы фесæфдзæн.
Йæ размæ цы паддзахæдтæ уыди, уыдоны
ныззыгуым кæндзæн, йæхæдæг та лæу-
дзæнис æнусмæ. 45Ды уый тыххæй федтай,
хохæй йæхи æгъдауæй дур куыд фæхицæн ис
æмæ æфсæйнаг, æрхуы, æлыг, æвзист æмæ
сыгъзæрин куыд базгъæлæнтæ сты, уый.
Гъе, афтæ стыр Хуыцау паддзахæн базонын
кодта фидæны цаутæ. Фыны цыдæриддæр
федтай, уыдон æнæмæнг сæххæст уыдзыс-
ты, æмæ дын дæ фын раст кæй райхæлдтон,
ууыл гуырысхо ма кæн».

46Уæд паддзах Навуходоносор Даниилы раз
зæххыл ныддæлгом ис æмæ бардзырд радта,
цæмæй йæ хуынтæй сбуц кæной, йæ номыл
ын буд ссудзой. 47Паддзах загъта Даниилæн:
«Уæ Хуыцау æцæг у хуыцæутты Хуыцау, пад-
дзæхты Паддзах æмæ сусæгтæ Æргомгæнæг,
уый тыххæй æмæ ды ацы сусæгдзинад рар-
гом кодтай». 48Уый фæстæ паддзах Даниилы
ноджы уæлдæр систа, бирæ зынаргъ лæвæрт-
тæ йын ракодта æмæ йæ æппæт Вавилонийы
хицауæй сæвæрдта. Даниил сси вавилойнаг
куырыхонты сæргълæууæг. 49Даниилы кур-
диатмæ гæсгæ паддзах Вавилоны зылды
хъуыддæгтæ иууылдæр бабар кодта Шад-
рах, Мешах æмæ Авед-Негойæн, Даниил та
раздæрау паддзахы галуаны лæггад кодта.

**3** Паддзах Навуходоносор саразын код-
та сыгъзæрин гуымиры. Йæ бæрзæнд уы-
ди æхсай æлмæрины, йæ уæрх та — æхсæз
æлмæрины. Сæвæрын æй кодта Вавилоны
бæстæйы, Дурайы дæлвæзы. 2-3Навуходоно-
сор фæсидти йæ паддзахады барджынтæм,
уллутæм, уынаффæйы лæгтæм, хæзнадар-
тæм, тæрхоны лæгтæм, чапартæм æмæ æп-
пæт зылдты хицæуттæм, цæмæй гуымиры-
йыйæн бакувынмæ æрбацæуой. Се ’ппæт
дæр æрбацыдысты æмæ, Навуходоносор
кæй сæвæрын кодта, уыцы гуымирыйы раз
æрлæууыдысты. 4Уæд фидиуæг ныхъхъæр
кодта: «Байхъусут, дунейы адæмтæ, алы
’взæгтыл дзурджытæ æмæ адæмыхæттытæ!
5Куыддæр сыкъауадындз, удæвдз, дала-
фæндыр, дыууадæстæнон, лалымуадындз
æмæ æндæр алыхуызон уадынгæрзты зæлтæ
фехъусат, афтæ зæххыл ныддæлгом ут æмæ
бакувут, паддзах Навуходоносор кæй сара-
зын кодта, уыцы сыгъзæрин гуымирымæ.

6 Чи нæ бакува, уый та уайсахат пецы цырен
арты баппардзысты!» 7 Æппæт адæмтæ, алы
'взæгтыл дзурджытæ æмæ адæмыхæттытæ
куыддæр алыхуызон уадынгæрзты зæлтæ
фехъуыстой, афтæ зæххыл ныддæлгом сты
æмæ сыгъзæрин гуымирымæ бакуывтой.
8 Уыцы рæстæг Навуходоносормæ халдейæг-
тæй чидæртæ бацыдысты æмæ дзуттæгты
банымыгътой: 9 «Паддзах, бирæ азты нын
дзæбæхæй цæр! 10 Дæ бардзырдмæ гæсгæ,
куыддæр алыхуызон уадынгæрзты зæл-
тæ райхъуыстаид, афтæ алчидæр хъуамæ
зæххыл ныддæлгом уыдаид æмæ сыгъ-
зæрин гуымирымæ бакуывтаид, 11 чи нæ
ныддæлгом уа æмæ чи нæ бакува, уыдон та
пецы пиллон артмæ æппæрст куыд æрцæ-
уой. 12 Уæдæ Вавилоны хъуыддæгтæ кæмæн
бабар кодтай, уыцы дзуттæгтæ, Шадрах,
Мешах æмæ Авед-Него, дæу, паддзах, ницæ-
мæ дарынц! Дæ хуыцæуттæн дын табу нæ
кæнынц, стæй, кæй саразын кодтай, уыцы
сыгъзæрин гуымирымæ нæ кувынц æмæ
йын нæ лæггад кæнынц».

13 Навуходоносор уый куы фехъуыста, уæд
смæсты ис æмæ Шадрах, Мешах æмæ Авед-
Негойы йæ размæ æрбакæнын кодта. Йæ
размæ куы æрлæууыдысты, 14 уæд сæ Наву-
ходоносор бафарста: «Уый æцæг у, Шадрах,
Мешах æмæ Авед-Него? Мæ хуыцæуттæм
мын нæ кувут æмæ, кæй саразын кодтон, уы-
цы гуымирыйæн нæ лæггад кæнут? 15 Уæдæ
афтæ: куыддæр сыкъауадындз, удæвдз, да-
лафæндыр, дыууадæстæнон, лалымуадындз
æмæ æндæр алыхуызон уадынгæрзты зæлтæ
фехъусат, афтæ зæххыл ныддæлгом ут æмæ,
кæй саразын кодтон, уыцы гуымирымæ
бакувут. Куынæ йæм бакуват, уæд уайсахат
пецы цырен арты æппæрст æрцæудзыстут,
æмæ уæ мæ азарæй иу хуыцау дæр нæ фер-
вæзын кæндзæн!» 16 Фæлæ Шадрах, Мешах
æмæ Авед-Него паддзах Навуходоносорæн
дзуапп радтой: «Мах нæхи дæ разы нæ раст
кæндзыстæм. 17 Мах лæггад кæнæм нæ Хуы-
цауæн, æмæ Йæ куы бафæнда, уæд нæ дæуæй
дæр æмæ пецы цырен артæй дæр фервæзын
кæндзæн. 18 Кæд нæ, уæддæр зон: мах дæ
хуыцæуттæн лæггад нæ кæндзыстæм æмæ,
кæй саразын кодтай, уыцы гуымирымæ нæ
бакувдзыстæм».

19 Уæд Навуходоносор Шадрах, Мешах æмæ
Авед-Негомæ бынтондæр смæсты ис, йæ цæс-
гомы хуыз аивта æмæ пец, куыд фæсудзы,
уымæй авд хатты тынгдæр бандзарын кодта.
20 Йе 'фсады гуыппырсартæн бафæдзæхста,
цæмæй Шадрах, Мешах æмæ Авед-Негойы
сбæттой æмæ сæ пецы баппарой. 21 Лæгты,
куыд уыдысты, афтæмæй — салбартæ, худтæ
æмæ пæлæзты — сбастой æмæ сæ пецы цырен
арты баппæрстой. 22 Паддзахы карз ныхасмæ
гæсгæ пец афтæ ссырхзынг кодтой, æмæ,
Шадрах, Мешах æмæ Авед-Негойы пецы
размæ чи бакодта, уыцы лæгтæ бавзалы сты.
23 Æртæ лæджы та, Шадрах, Мешах æмæ Авед-
Него, бæстытæй пецы цырен арты смидæг
сты. 24 Уæд дын Навуходоносор фыр дисæй
фæгæпп кодта æмæ йæ уынаффæйы лæгты
афарста: «Арты астæумæ бæстытæй æртæ
лæджы нæ баппарын кодтам?» Уыдон ын дзу-
апп радтой: «Æнæмæнг, паддзах». 25 Паддзах
загъта: «Уæдæ æз та уынын: цыппар лæджы
æнæбастæй æмæ æнæхъыгдардæй цæуынц
арты астæу, цыппæрæм та у зæды хуызæн!»
26 Пецы пиллон арт сыгъди, фæлæ йын Наву-
ходоносор йæ дуармæ хæстæг бацыди æмæ
мидæмæ бахъæр кодта: «Шадрах, Мешах æмæ
Авед-Него, Стыр Хуыцауы цагъартæ! Рахи-
зут уырдыгæй!» Уæд Шадрах, Мешах æмæ
Авед-Него артæй рахызтысты. 27 Æрбамбырд
сты паддзахы барджынтæ, йæ уллутæ æмæ
уынаффæйы лæгтæ. Кæсынц, æмæ æртæ
дзуттаджы сæрæгасæй лæууынц, сæ сæры-
хъуынтæ æмæ сæ дарæс — æнæхъæн, сыгъды
смаг дæр нæ кæнынц. 28 Уæд Навуходоносор
загъта: «Арфæгонд уæд Шадрах, Мешах æмæ
Авед-Негойы Хуыцау! Уый рарвыста йæ зæды
æмæ фервæзын кодта йæ цагъарты. Уыдон
сæ зæрдæ дардтой сæ Хуыцауыл, паддза-
хы ныхасмæ нæ байхъуыстой æмæ сæхи
судзынмæ радтой, цæмæй сæхи Хуыцауы
йеддæмæ æндæр хуыцæуттæм ма кувой
æмæ сын ма лæггад кæной. 29 Уæдæ ныр æз
æппæт адæмтæ, алы 'взæгтыл дзурджытæ
æмæ адæмыхæттытæн фæдзæхсын: Шадрах,
Мешах æмæ Авед-Негойы Хуыцауы ныхмæ
чи сдзура, уый уæнггай скæнын кæндзынæн,
йæ хæдзар та дæрæнгонд æрцæудзæн. Уы-
мæн æмæ ацы Хуыцауы хуызæн иу хуыцау
дæр никæй фервæзын кæндзæн!»

30 Уый фæстæ паддзах Шадрах, Мешах æмæ
Авед-Негойы Вавилоны бæстæйы ноджы
уæлдæр систа.

31 Паддзах Навуходоносор фехъусын
кодта æппæт дунейы адæмтæ, алы 'взæг-
тыл дзурджытæ æмæ адæмыхæттытæн:
«Фæрнджын ут! 32 Æз хорзыл банымадтон,
Стыр Хуыцау мын цы диссæгтæ æмæ æв-
дисæйнæгтæ фенын кодта, уыдоны тых-
хæй радзурын. 33 Цас хъомыс ис Йæ диссæг-
тæ æмæ Йе 'вдисæйнæгты! Йæ паддзахад

фидар уыдзæн æнусæй-æнустæм, йæ
хицаудзинад — мыггагæй-мыггагмæ.

**4** Æз, паддзах Навуходоносор, дзæбæхæй
мæ галуаны цардтæн, мæ хæдзары æнæ-
мæтæй мæ бонтæ æрвыстон. 2Иу хатт фын
федтон æмæ фæтарстæн. Мæ хуыссæнуаты
цы цæстылуайæнтæ федтон, уыдон мыл
стыр тас бафтыдтой. 3Мæн фæндыд, мæ фын
цы амоны, уый бамбарын æмæ Вавилоны
куырыхонтæм фæсидтæн. 4Æрбацыдысты
мæм дæсныфæрсджытæ, кæлæнгæнджытæ,
стъалыдæснытæ æмæ халдейаг куырыхонтæ.
Фын сын куы радзырдтон, уæд æй сæ бон
райхалын не сси. 5Æппынфæстаг мæ разы
æрлæууыд, мæ хуыцауыноммæ гæсгæ Бел-
тешацар кæй хуыдтой, уыцы Даниил. Уый
хайджын у Хуыцауы Удæй.
Æз Даниилæн загътон: 6„Белтешацар, дæс-
ныфæрсджыты сæргълæууæг! Æз зонын,
Хуыцауы Удæй хайджын кæй дæ, уый. Дæ-
уæн дæ бон у цыфæнды сусæгдзинад дæр
раргом кæнын. Зæгъ-ма мын уæдæ, мæ фын
цы амоны, уый.

7-8Мæ хуыссæнуаты æз мæ фыны федтон:
зæххы астæу егъау æмæ фидар бæлас лæууыд,
йæ цъуппæй арвыл æндзæвыд æмæ зæххы
кæрæттæм зынди. 9Бæлас уыди диссаджы
рæсугъд, йæ сыфтæр — бæзджын, фыр задæй
йæ къалиутæ зæхмæ тасыдысты. Æгас дуне-
йы дзыллæты æфсæста, йæ быны сырдтæ
æрцардысты, йæ къалиуты ’хсæн мæргътæ
ахстæттæ скодтой. 10Ноджы ма æз мæ хуыс-
сæнуаты фыны федтон: уæларвæй æрцæйцы-
ди Уаз Хъахъхъæнæг 11æмæ хъæрæй загъта:
‚Акалут бæлас, йæ къалиутæ йын акъуырут,
йæ сыфтæртæ йын ныццæгъдут, йæ дыргътæ
йын ныппырх кæнут фæйнæрдæм! Уадз æмæ
сырдтæ йæ бынæй алидзой æмæ мæргътæ
йæ къалиутæй атæхой. 12Æрмæстдæр ын
йæ бындзæфхад зæххы, быдыры кæрдæджы
астæу ныууадзут — æфсæн æмæ æрхуы рæ-
хысты. Йæхи æхсæд æрвон æртæхæй, цæрæд
сырдтимæ, адæймаджы сæрызондæй æнæ-
хай фæуæд, 13сырды сæрызонд ын лæвæрд
æрцæуæд. 14Афтæ рацæудзæнис авд азы.
Ахæм у Уаз Хъахъхъæнджыты уынаффæ,
уый сæ тæрхон у. Æппæт зæххон цæрджытæ
хъуамæ базоной: зæххон паддзахæдтæн ис
иунæг хицау — Иууылбæрзонд! Кæмæн Æй
фæнды, уыдонæн сæ ратты, адæмæн сæ ныл-
лæгдæры паддзахы бынатмæ сисы‘.
15Гъе, ахæм фын федтон æз. Уæдæ мын
ныр, Белтешацар, дæ хорзæхæй, бамбарын
кæн, цы амоны, уый. Мæ паддзахады ку-
ырыхонтæй иуæн дæр, цы амоны, уый зæ-
гъын йæ бон не сси, фæлæ ды хайджын дæ
Хуыцауы Удæй, æмæ йæ дæ бон бамбарын
кæнын суыдзæн“.
16Белтешацар кæй хуыдтой, уыцы Даниил
иу цасдæр фыр дисæй ницыуал сдзырдта.
Фыр тæссæй хъуыдыты аныгъуылди. Уæд
ын паддзах загъта: „Белтешацар! Мæ фын
цæмæфæнды рацæуæд, тæрсгæ ма кæн“.
Белтешацар ын дзуапп радта: „Мæ хицау!
Ахæм фын дæ фыдгултæ фенæнт, æмæ уыцы
фыдбылызтæ уыдоныл æрцæуæнт. 17Паддзах,
ды дæ фыны федтай егъау æмæ фидар бæлас.
Йæ цъуппæй арвыл æндзæвыд æмæ зæх-
хы кæрæттæм зынди. 18Йæ сыфтæр уыдис
алæмæты рæсугъд, фыр задæй йæ къалиу-
тæ зæхмæ тасыдысты, æмæ æппæт зæххон
цæрджыты æфсæста. Йæ быны цардысты
сырдтæ, æмæ мæргътæ йæ къалиуты ’хсæн
ахстæттæ кодтой. 19Паддзах, уыцы бæлас ды
дæ! Ды тынг номдзыд æмæ хъомысджын дæ!
Дæ кад уæларвмæ æххæссы, æгас дунейы
хицауиуæг кæныс.
20Паддзах, ды федтай Уаз Хъахъхъæнæ-
джы арвæй æрцæйцæугæ. Уый загъта: ‚Бæлас
акалут, йæ кой дæр мауал баззайæд. Æр-
мæстдæр ын йæ бындзæфхад зæххы, кæрдæ-
джыты ’хсæн, ныууадзут, æфсæйнаг æмæ йæ
æрхуы рæхыстæй сбæттут. Уадз æмæ æрвон
æртæхæй йæхи æхса æмæ сырдтимæ быды-
ры цæра, цалынмæ авд азы рацæуа, уæдмæ‘.
21Мæ паддзах, ахæм хуызы дын æвдыст
æрцыд Иууылбæрзонды тæрхон. 22Адæмы
’хсæнæй тард æрцæудзынæ, цæрдзынæ сырд-
тимæ, галау кæрдæг хæрдзынæ æмæ æрвон
æртæхæй дæхи æхсдзынæ. Авд азы куы ра-
цæуа, уæд бамбардзынæ: æппæт зæххон
паддзахæдтæн сæ хицау у Иууылбæрзонд,
æмæ паддзахы бынат, кæмæн æй бафæнды,
умæн ратты. 23Бæласы бындзæфхад йæ
бынаты кæй баззад, уый та амоны: дæ пад-
дзахады та ногæй паддзахиуæг кæндзынæ,
æгас дунейы хицау Иууылбæрзонд кæй у,
уый куы бамбарай, уæд.
24Паддзах, мæ уынаффæ дын хъыг ма уæд:
хорз хъуыддæгтæ араз, мæгуыр адæмæн æх-
хуыс кæн æмæ дæ тæригъæдтæй ссыгъдæг
уай. Чи зоны, уæд фæрнджын æмæ æнæмас-
тæй фылдæр фæцæрдзынæ“.
25Даниил цыдæриддæр загъта, уыдон
иууылдæр Навуходоносорыл æрцыдысты.
26Дыууадæс мæйы фæстæ паддзах Вавило-
ны йæ галуаны рацæйцыд 27æмæ загъта: „О
стыр Вавилон! Мæ хъомысæй, мæхи кадæн

дæ мæ паддзахады сæйраг сахар скодтон!“
28Паддзах йæ ныхас нæма фæци, афтæ уæ-
ларвæй æрыхъуысти: „Паддзах Навуходо-
носор, байхъус! Дæ паддзахдзинадæн йæ
кæрон æрцыд. 29Ды адæмы ’хсæнæй тард
æрцæудзынæ, сырдтимæ цæрдзынæ æмæ
галау кæрдæг хæрдзынæ. Авд азы куы ра-
цæуа, уæд бамбардзынæ: адæймаджы пад-
дзахадæн йæ хицау у Иуулбæрзонд. Уый
паддзахы бынаты сæвæры æрмæстдæр Йæхи
кæй бафæнды, уыдоны“.
30Уайсахат æппæт уыдæттæ Навуходоно-
сорыл æрцыдысты. Адæмы ’хсæнæй тард
æрцыди, галау кæрдæг хордта æмæ æрвон
æртæхæй йæхи æхсадта. Йæ сæрыхъуынтæ
цæргæсы систау разадысты, йæ ныхтæ та
уыдысты маргъы ныхтау.

31Афон куы ралæууыд, уæд æз, Навуходо-
носор, арвмæ скастæн, æмæ мæ зонд мæхи-
мæ ’рцыди. Уæд арфæ ракодтон Иуулбæр-
зондæн, Æнусмæ Цæрæгæн скад кодтон. Уый
паддзахиуæг кæны фæлтæрæй-фæлтæрмæ,
мыггагæй-мыггагмæ. 32Æппæт зæххон цæр-
джытæ ницы сты Йæ разы. Йæ фæндонмæ
гæсгæ тæрхон кæны уæларвон æфсадæн
æмæ зæххон цæрджытæн. Ничи Йын бау-
ромдзæн Йæ къух, цы кусыс, зæгъгæ, Йын
ничи зæгъдзæн.
33Мæ зонд мæхимæ куы ’рцыди, уæд мæм
мæ раздæры кад æмæ хъомыс дæр раздæх-
тысты, фæстæмæ сдæн хъомысджын æмæ
номдзыд паддзах. Мæ уынаффæйы лæгтæ
æмæ мæ ме ’лдæрттæ ногæй сæ паддзахыл
банымадтой. Фæстæмæ æрфидар дæн мæ
паддзахады æмæ ноджы хъомысджындæр
сдæн. 34Ныр æз стауын Уæларвон Паддза-
хы æмæ Йын кад кæнын. Йæ хъуыддæгтæ
æмæ Йæ фæндæгтæ иууылдæр раст сты.
Уый æрныллæг кæндзæн, сæрбæрзондæй
чи цæуы, уыдоны».

**5** Паддзах Балтасар, йæ дæлбар цы мин
æлдары уыди, уыдонæн стыр куывд сарæзта
æмæ семæ сæн нуæзта. 2-4Куы банозтджын,
уæд Балтасар, йæ фыд Навуходоносор Йеру-
салимы Кувæндонæй кæй æрбаласта, уыцы
сыгъзæрин æмæ æвзист кæхцытæ æрба-
хæссын кодта. Паддзах, йе ’лдæрттæ, йæ
устытæ æмæ йæ номылустытæ Хуыцауы
хæдзары сыгъзæрин кæхцытæй сæн ну-
æзтой æмæ кад кодтой сыгъзæрин, æвзист,
æрхуы, æфсæн, хъæдын æмæ дурæй конд
хуыцæуттæн. 5Уыцы рæстæг кæцæйдæр фæ-
зындысты адæймаджы къухы æнгуылдзтæ
æмæ паддзахы галуаны чъырæйцагъд къу-
лыл, цырагъдарæны бакомкоммæ, фыссын
райдыдтой. Балтасар уый куы федта, 6уæд
йæ хуыз фæцыди, ризæг ыл бахæцыд фыр
тæссæй æмæ йæ уæнгтæ адон сты. 7Паддзах
хъæрæй бардзырд радта, кæлæнгæнджы-
тæ, стъалыдæснытæ æмæ иннæ халдейаг
куырыхонтæм фæдзурут, зæгъгæ. Паддзах
Вавилоны куырыхонтæн загъта: «Ацы фыст
мын чи бакæса æмæ йæ чи бамбарын кæна,
уый сфæлынддзысты сæнт сырх дарæсы,
йæ хъуырыл ын æркæндзысты сыгъзæрин
рæхыс, æз æмæ ус-паддзахы фæстæ паддза-
хады нымад уыдзæн æртыккаг хицауыл».
8Паддзахы куырыхонтæ иууылдæр æр-
бацыдысты, фæлæ фыст бакæсын æмæ, цы
нысан кæны, уый паддзахæн радзурын сæ
иуы бон дæр нæ баци. 9Уæд паддзах Балтасар
ноджы тынгдæр фæтарст, хуызы цъыртт дзы
нал баззад, æмæ йе ’лдæрттæ скатай сты.
10Паддзах æмæ йе ’лдæртты ныхас фе-
хъусгæйæ, ус-паддзах уазджыты уатмæ ба-
цыд æмæ загъта: «Паддзах, бирæ азты нын
дзæбæхæй цæр! Дзæгъæлы афтæ фæтарстæ
æмæ фæцыди дæ хуыз. 11Дæ паддзахады ис,
Уаз Хуыцауы Удæй хайджын чи у, ахæм лæг.
Дæ фыды заман уымæ разынди диссаджы
сæрызонд, æмæ хуыцæуттау уыди куырыхон.
Дæ фыд, паддзах Навуходоносор æй дæс-
ныфæрсджытæ, кæлæнгæнджытæ, стъалы-
дæснытæ æмæ иннæ халдейаг куырыхонты
сæргъы сæвæрдта. 12Паддзах Белтешацар
кæй схуыдта, уыцы Даниил хайджын уыди
алæмæты курдиатæй, йæ бон уыди фынтæ
райхалын, æмбарын кодта сусæгдзинæдтæ
æмæ-иу цыфæнды зын хъуыддаг дæр рав-
зæрста. Паддзах Белтешацар кæуыл сæвæрд-
та, уыцы Даниилмæ фæдзурын кæн, æмæ
дын уый ацы фысты нысаниуæг зæгъдзæн».
13Даниил паддзахы раз куы æрлæууыди,
уæд ын Балтасар загъта: «Ды Даниил дæ,
мæ паддзах фыд Иудейæ кæй æрбакодта,
уыцы хаст адæмæй иу? 14Æз куыд фехъу-
ыстон, афтæмæй ды хайджын дæ Хуыцауы
Удæй æмæ дын ис диссаджы сæрызонд, дæ
куырыхон зонд дын абарæн дæр никæимæ
ис. 15Цæмæй ацы фыст бакæсой æмæ, цы
нысан кæны, уый зæгъой, уый тыххæй мæм
æрбакодтой Вавилоны æппæт куырыхонты
æмæ кæлæнгæнджыты, фæлæ мын æй сæ
бон бамбарын кæнын не сси. 16Куыд зонын,
афтæмæй дæуæн дæ бон у сусæгдзинæдтæ
æмæ зынæвзарæн хъуыддæгтæ æмбарын
кæнын. Уæдæ мын ныр ацы фыст куы бакæ-
сай æмæ, цы нысан кæны, уый куы зæгъай,

уæд дæ сфæлынддзысты сæнт сырх дарæсы,
дæ хъуырыл дын æркæндзысты сыгъзæрин
рæхыс, паддзахады та æз æмæ ус-паддзахы
фæстæ суыдзынæ æртыккаг хицау». 17Да-
ниил паддзахæн дзуапп радта: «Паддзах,
дæ лæвæрттæ æмæ дæ хæрзиуджытæ дæхи
уæнт. Æз дын æнæ уымæй дæр ацы фыст
бакæсдзынæн æмæ, цы нысан кæны, уый
зæгъдзынæн.
18Паддзах! Дæ фыд Навуходоносорæн Иу-
уылбæрзонд Хуыцау радта паддзахдзинад,
кад æмæ цыт. 19Хуыцауы фæрцы ахæм хъо-
мысджын сси, æмæ æппæт адæмтæ, алы
’взæгтыл дзурджытæ æмæ адæмыхæттытæ
фыр тæссæй йæ разы рызтысты. Марын æй
кæй фæндыд, уый-иу амарын кодта, кæй йæ
фæндыд, уый та-иу удæгасæй ныууагъта.
Кæй-иу уæлæрвтæм систа, кæй та-иу æгады
бынаты сæвæрдта. 20Фæлæ хъал æмæ сæ-
рыстыр кæй сси, уый тыххæй йæ паддзахы
бынатæй фæхауди æмæ йæ кадæй æнæхай
фæци. 21Адæмы ’хсæнæй йæ фæсырдтой,
сырды сæрызонд ын лæвæрд æрцыд, æмæ
хъæддаг хæрджытимæ царди. Галау кæр-
дæг хордта æмæ æрвон æртæхæй йæ дойны
саста, цалынмæ бамбæрста: адæймаджы
паддзахадæн йæ хицау у Иууылбæрзонд
Хуыцау æмæ паддзахы бынат ратты, Йæхи
кæмæн бафæнды, уыдонæн. 22Æмæ ды, йæ
фырт Балтасар, зыдтай уыдæттæ, фæлæ
уæддæр Йæ разы сæрныллæгæй не ’рлæу-
уыдтæ. 23Дæхи уæларвы Бардарæгæй уæлдæр
сæвæрдтай. Йæ Хæдзары кæхцытæ дын дæ
размæ æрбахастой, æмæ де ’лдæрттæ, дæ
устытæ æмæ дæ номылустытимæ уыдонæй
сæн нуæзтай. Æвзист, сыгъзæрин, æрхуы,
æфсæйнаг, хъæдын æмæ дурæй конд хуы-
цæутты кады аккаг скодтай. Уыдон та сты
куырм, къуырма æмæ æнæзонд. Дæ царды
комулæфт кæй къухы ис æмæ Дæ фæндæгтæ
кæй бар сты, уыцы Хуыцауы та кады аккаг
не скодтай. 24Æмæ уæд Хуыцауы афтæ ба-
фæндыд, цæмæй фæзыной къухы æнгуылдз-
тæ æмæ ныффыссой мæнæ ацы дзырдтæ:
25МЕНЕ, МЕНЕ, ТЕКЕЛ, У-ПАРСИН. 26Уыцы
дзырдтæн сæ мидис ахæм у: МЕНЕ — „Хуы-
цау дын дæ паддзахдзинадæн кæрон скодта“.
27ТЕКЕЛ — „Тæрæзтыл барст æрцыдтæ, æмæ
дæ æппындæр ницы уæз ис“. 28ПЕРЕС — „Дæ
паддзахад ныддихтæ ис, лæвæрд цæуы ми-
диæгтæ æмæ персайнæгты къухтæм“».
29Уæд Балтасар йæ лæггадгæнджытæн
бафæдзæхста, цæмæй Даниилы сæнт сырх
дарæсы сфæлындой, йæ хъуырыл ын сыгъ-
зæрин рæхыс æркæной, стæй æппæт адæмæн
фехъусын кæной, паддзах æмæ ус-паддзахы
фæстæ паддзахады æртыккаг лæгыл нымад
кæй уыдзæни, уый.
30Раст уыцы æхсæв халдейæгты паддзах
Балтасары амардæуыд, 31æмæ паддзах сси
мидиаг Дарий. Уыцы заман Дарийыл цыди
æхсай дыууæ азы.

**6** Дарий йæ паддзахад æхсæзыссæдз лæджы
бар бакодта 2æмæ сын сæ сæргъы æртæ стыр
хицауы сæвæрдта. Паддзахы барджынтæ
хъуамæ стыр хицæутты раз дзуапп лæвæрд-
таиккой, цæмæй паддзахады мацы знаггад
æрцæуа. Æртæ хицауæй иу уыди Даниил.
3Цыбыр рæстæгмæ барджынтæ æмæ стыр
хицæутты ’хсæн бæрæг дарын райдыдта,
уымæн æмæ хайджын уыди алæмæты кур-
диатæй. Дарийы фæндыд Даниилы æгас
паддзахады сæргъы сæвæрын.
4Стыр хицæуттæ æмæ барджынтæ Даниил-
мæ сæ хъус дардтой: паддзахады ныхмæ исты
фыдракæнд кæд саразздзæн, уымæ æнхъæлмæ
кастысты, цæмæй йæ фæазымджын кæной.
Фæлæ Даниил уыдис иузæрдион йæ паддза-
хыл, æмæ йæм сæ бон исты аипп ссарын нæ
уыди. 5Уæд загътой: «Мах ацы Даниилмæ
уайдзæфы аккагæй ницы ссардзыстæм, кæд
ма, йæ Хуыцауы æгъдауыл æнувыд кæй у, уый
тыххæй йæ фæзылынджын кæнæм, æндæр».
6Уыйадыл барджынтæ æмæ стыр хицæуттæ
иууылдæр паддзахмæ бацыдысты æмæ загъ-
той: «Бирæ азты нын дзæбæхæй цæр, паддзах
Дарий! 7Дæ паддзахады барджынтæ, стыр хи-
цæуттæ, уынаффæйы лæгтæ æмæ уллутæ ахс-
джиагыл нымайынц, цæмæй паддзах ахæм
бардзырд ратта: дæс æмæ ссæдз боны дæргъы
хуыцаумæ мачи скувæд, стæй дæу йеддæмæ
æндæр адæймагмæ дæр мачи бацæуæд курæг.
Чи нæ байхъуса, уый та домбæйтты хъоргъмæ
æппæрст æрцæуæд. 8Паддзах, уæдæ ныр ацы
бардзырдыл дæ къух æрæвæр, цæмæй, миди-
æгтæ æмæ персайнæгты æгъдæуттæн аивæн
куыд нæй, афтæ уымæн дæр фехалæн ма уа».
9Паддзах Дарий сразы æмæ бардзырдыл йæ
къух æрæвæрдта.
10Кæд Даниил паддзахы бардзырд зыд-
та, уæддæр-иу йæ хæдзары уæллаг уатмæ
ссыди; йæ уаты рудзгуытæ арæзт уыдысты
Йерусалимы ’рдæм. Бон æртæ хатты-иу йæ
зонгуытыл æрлæууыд æмæ раздæрау куывта
æмæ арфæ кодта йæ Хуыцауæн.
11Иуахæмы паддзахы барджынтæ Дани-
илы йæ зонгуытыл кувгæйæ байййæфтой.
12Æмæ уæд паддзахмæ бацыдысты æмæ
йын йæ бардзырд æрлæууын кодтой йæ

зæрдыл: «Паддзах, ды дæхи къухæй сфи-
дар кодтай дæ бардзырд: дæс æмæ ссæдз
боны дæргъы хуыцаумæ кæнæ дæу йед-
дæмæ æндæр адæймагмæ дæр чи скува,
уый хъуамæ домбæйтты хъоргъы æппæрст
æрцæуа». Паддзах сын дзуапп радта: «Миди-
æгтæ æмæ персайнæгты æгъдæуттæн аивæн
куыд нæй, афтæ фидар у уыцы бардзырд
дæр». 13Уыдон Дарийæн загътой: «Паддзах,
Иудейы бæстæй кæй æрбакодтой, уыцы
адæмæй иу, Даниил, дæхи дæр æмæ дын
дæ бардзырд дæр ницæмæ дары, бон æртæ
хатты кувы йæ Хуыцаумæ». 14Паддзах уый
куы фехъуыста, уæд катайы бацыд æмæ хур-
ныгуылдмæ Даниилы фервæзын кæныныл
архайдта. 15Фæлæ та йæм йæ барджынтæ
ногæй бацыдысты æмæ йын загътой: «Ды
зоныс, паддзах, мидиæгтæ æмæ персайнæг-
ты закъонмæ гæсгæ, паддзах йæ къух кæуыл
бафысса, уыцы бардзырдæн аивæн нæй».
16Уæд паддзах Даниилы æрбакæнын кодта,
цæмæй йæ домбæйтты хъоргъы ныппарой.
Даниилæн та загъта: «Æнувыдæй Кæмæн
лæггад кæныс, уыцы Хуыцау дæ Йæхæдæг
фервæзын кæнæд!» 17Æмæ дур æрбахастой
æмæ йæ хъоргъмæ ныххизæныл ныффæл-
дæхтой. Паддзах ыл йæхи æмæ йе 'лдæртты
къухдарæнтæй мыхуыртæ сæвæрдта, — Да-
ниилæн цы тæрхон рахастой, уымæн аивæн
кæй нæй, уый нысанæн.
18Дарий йæ галуанмæ куы æрбаздæхт, уæд
йæ дзыхмæ хойраг нал схаста. Хуыссæг æй
нал ахста, æмæ уыцы æхсæв йæ номылусты-
ты дæр æрбакæнын нæ бауагъта. 19Сæумæ-
цъæхæй фестад æмæ домбæйтты хъоргъмæ
рæвдз ауади. 20Хъоргъмæ куы бахæццæ, уæд
Даниилмæ æнкъард хъæлæсæй ныдздзырд-
та: «Даниил, цардæгас Хуыцауы цагъар!
Æнувыдæй Кæмæн лæггад кæныс, уыцы
Хуыцау дæ домбæйтты дзыхæй фервæзын
кодта?» 21Даниил дзуапп радта: «Паддзах,
æнусмæ нын цæр! 22Мæ Хуыцау рарвыста Йæ
зæды, æмæ уый домбæйтты дзыхтыл цъутта
сæвæрдта. Ницы знаггад мын ракодтой, уы-
мæн æмæ мæ Хуыцауы раз сыгъдæг разынд-
тæн, стæй дæ разы дæр, паддзах, азымджын
нæ дæн». 23Уæд паддзахы цинæн кæрон нал
уыд, æмæ Даниилы хъоргъæй сисын кодта.
Куы йæ систой, уæд ыл иу цъæррæмыхст дæр
нæ разынд, уымæн æмæ уыдис иузæрдион
йæ Хуыцауыл. 24Паддзах бардзырд радта,
цæмæй, Даниилы фæазымджын кæныныл
чи архайдта, уыцы лæгты æд устытæ æмæ æд
сывæллæттæ домбæйтты хъоргъы ныппарой.
Хъоргъы бынмæ нæма ныххæццæ сты, афтæ
сæм домбæйттæ фæлæбурдтой æмæ сын се
стджытæ дæр ма бахсыдтой.
25Уæд Дарий фехъусын кодта: «Дунейы
адæмтæ, адæмыхæттытæ æмæ алы 'взæг-
тыл дзурджытæ! Фарн уæм бадзурæд! 26Мæ
паддзахады цæрджытæ! Тæрсут æмæ æм-
ризæджы ризут Даниилы Хуыцауы раз!
Уый у цардæгас æмæ æнусон Хуыцау! Йæ
паддзахадæн фесæфæн нæй, æмæ Йæ хи-
цаудзинадæн кæрон никуы æрцæудзæн!
27Уый у ирвæзынгæнæг, аразы диссæгтæ
æмæ фенын кæны æвдисæйнæгтæ уæларвыл
æмæ зæххыл. Йæ фæрцы Даниил домбæйтты
дзæмбытæй аирвæзт».
28Дарий æмæ персайнаг паддзах Киры
заман дæр Даниил паддзахады ахста зынгæ
бынат, царди фæрнæйдзагæй.

7 Балтасар фыццаг аз Вавилоны паддза-
хиуæг куы кодта, уæд Даниил фыны, йæ
хуыссæнуаты, федта цæстылуайæн. Уый
ныффыста, йæ фыны цыдæриддæр федта,
уыдæттæ.
2Даниил йæ ныхас райдыдта афтæ: «Æх-
сæвы æз цæстылуайæны федтон, цыппар
уæларвон дымгæйы денджыз куыд змæн-
тынц, уый. 3Денджызæй кæрæдзийы фæдыл
цыппар стыр сырды рацæуынц, æмæ дзы иу
иннæйы хуызæн нæу. 4Фыццаг сырд уыди
домбайы хуызæн, фæлæ цæргæсы базырти-
мæ. Йæ базыртæ йын ратындæуыд, хæрдмæ
йыл схæцыдысты; адæймагау йæ къæхтыл
слæууыд, æмæ йын адæймаджы сæрызонд
лæвæрд æрцыди.
5Дыккаг сырд — арсы хуызæн, фæрсы-
рдыгæй лæууы æмæ йæ комæй, дæндæгты
æхсæнæй, зыны æртæ ссыры. Сырдæн загъ-
дæуыд: „Сыст æмæ дæхи дзидзайæ бафсад!"
6Æртыккаг сырд — фыранчы хуызæн, йæ
фæсонтыл та — цыппар базыры, маргъы
базыртæ. Ноджы йын уыдис цыппар сæры,
æмæ йын хицауы бартæ рардæуыд.
7Цыппæрæм сырд уыди æвирхъау тæссаг
æмæ тынг тыхджын, стыр æфсæйнаг дæн-
дæгтимæ. Алцыдæр хордта æмæ дæрæн
кодта, уæлдæйттæ та йæ къæхты бын ссæста.
Иннæ сырдтæй иуы хуызæн дæр нæ уыд,
æмæ йын уыдис дæс сыкъайы.
8Æз лæмбынæг кастæн уыцы сыкъатæм,
æмæ ма мæнæ се 'хсæн иу гыццыл сыкъа фæ-
зынди. Уымæн уыдис адæймаджы цæстытæ,
æмæ, схъæл ныхас чи кодта, ахæм дзых. Иннæ
сыкъатæй æртæ сæ бындзарæй срæдывдæуыд,
цæмæй йын бынат суæгъд кæной. 9Уалын-
мæ паддзахы бадæнтæ æрæвæрдтой, æмæ

Æнусты Цæрæг къæлæтджыны æрбадти. Йæ
дарæс — митæнгæс, Йæ сæрыхъуынтæ — урс
цагъд къуымбилы хуызæн, 10Йæ паддзахы ба-
дæн — арт, йæ цæлхытæ артау цæхæр калынц,
Йæ цурæй пиллонкалгæ арт цæугæдонау раз-
мæ бырсы. Лæггад Ын кæнынц мин-минтæ,
уырдыг Ын лæууынц æрдзæ-æрдзæтæ. Байгом
сты чингуытæ, æмæ тæрхон райдыдта.
11Æз федтон, гыццыл сыкъайы йе схъæл
ныхæсты тыххæй куыд амардтой æмæ йæ
куыд басыгътой, уый. 12Иннæ сырдтæн дæр
сæ раздæры бартæ байстой, фæлæ сæ æм-
гъуыдмæ удæгасæй ныууагътой.
13Ноджы ма мæ фыны федтон: чидæр
Адæймаджы Фырты хуызы æврæгътыл æр-
цæйцыди. Куы æрбахæстæг, уæд Æй Æнус-
ты Цæрæджы размæ бакодтой. 14Æмæ йын
лæвæрд æрцыдысты хицаудзинад, кад æмæ
паддзахад. Æппæт адæмтæ, адæмыхæттытæ
æмæ алы ’взæгтыл дзурджытæ æрзоныг код-
той Йæ разы. Йæ хицаудзинад æнусон у, æмæ
Йæ паддзахад сæфтмæ никуы æрцæудзæн.
15Æз, Даниил, катайы бацыдтæн — стыр
тас мыл бафтыдтой уыцы цæстылуайæн-
тæ. 16Мæ разы чи лæууыд, уыдонæй иумæ
бацыдтæн æмæ йæ бафарстон, цы федтон,
уыдæттæ цы нысан кæнынц, уымæй. Уый
мын алцыдæр бамбарын кодта: 17„Ацы цып-
пар сырды сты цыппар стыр паддзахады, сæ
цыппар дæр фидæны ацы зæххыл фæзын-
дзысты. 18Фæлæ фæстæдæр паддзахы бартæ
айсдзысты Иууылбæрзонды сыгъдæджытæ,
æмæ паддзахдзинад мыггагæй-мыггагмæ
уыдзæни сæ къухы“.
19Мæн фæндыд базонын, цыппæрæм сырд
цы нысан кæны, уый дæр. Уыцы сырд иннæ-
ты хуызæн нæ уыд, йæ уындæй мæ стыр тасы
бафтыдта. Уыдис ын æфсæн дæндæгтæ æмæ
æрхуы дзæмбытæ. Алцыдæр хордта æмæ
дæрæн кодта, уæлдæйттæ та-иу йæ къæхты
бын бассæста. 20Мæн фæндыд базонын, йæ
сæрыл цы дæс сыкъайы уыди, уыдон, стæй,
фæстагмæ чи фæзынд, уыцы сыкъа цы нысан
кæны, уый дæр. Цæмæй уыцы сыкъайæн бы-
нат суæгъд уа, уый тыххæй сыкъатæй æртæ
сæ бынатæй срæдывдæуыд. Сыкъайæн уыди
цæстытæ, æмæ, схъæл ныхас чи кодта, ахæм
дзых. 21Уыцы сыкъа сыгъдæджыты ныхмæ
хæцыд æмæ сыл уæлахиз кодта. 22Фæлæ
Æнусты Цæрæг куы фæзынд, уæд тæрхон
Иууылбæрзонды сыгъдæджыты пайдайæн
ахицæн. Афон куы æрцыди, уæд паддзахы
бартæ айстой сыгъдæджытæ.
23Уый фæдыл мæ разы лæууæг загъта:
„Зæххыл фæзындзæн цыппæрæм паддзахад,
йæ размæ чи уыди, уыцы паддзахæдтæй
иуы хуызæн дæр нæ уыдзæн. Ацы зæххыл
алцыдæр ссæнддзæн, хæрдзæн æмæ дæрæн
кæндзæни. 24Дæс сыкъайы та нысан кæнынц,
уыцы паддзахады фæд-фæдыл дæс паддза-
хы кæй уыдзæнис, уый. Уыдоны фæстæ ма
фæзындзæн иу паддзах. Уый иннæты хуы-
зæн нæ уыдзæн: æртæ паддзахы бабын кæн-
дзæн, 25Иууылбæрзонды ныхмæ дзурдзæн,
Йæ сыгъдæджыты Йын удхарæй мардзæн,
сфæнд кæндзæн Æгъдау æмæ бæрæгбæттæ
аивын. Иу æмгъуыдмæ, дыууæ æмгъуыдмæ
æмæ æмгъуыды æрдæгмæ сыгъдæджытæ
йæ къухмæ лæвæрд æрцæудзысты. 26Фæлæ
ралæудзæни тæрхоны рæстæг, йæ хъомысæй
æнæхай фæуыдзæн, æмæ йæ паддзахдзина-
дæн мыггагмæ кæрон æрцæудзæн. 27Æппæт
зæххон паддзахæдты бартæ, сæ кад æмæ
сæ хъæздыгдзинад лæвæрд æрцæудзысты
сыгъдæджытæн, Иууылбæрзонды адæмæн.
Йæ паддзахад у æнусон, æппæт барджын
хицæуттæ Йын лæггад кæндзысты æмæ
Йæм хъусдзысты“.
28Ууыл фæци ныхас. Æз, Даниил, стыр та-
сы бацыдтæн, хуызы цъыртт мæ нал баззад,
фæлæ, цыдæриддæр фехъуыстон, уыдон мæ
зæрдæйы арф бавæрдтон».

**8** Вавилоны паддзах Балтасар æртыккаг аз
паддзахиуæг куы кодта, уыцы заман æз, Да-
ниил, федтон цæстылуайæн, уымæй размæ
кæй федтон, уый фæстæ.

2Мæ цæстылуайæны февзæрдтæн Ела-
мы бæсты, бырутæй æхгæд сахар Шушаны,
Улайы доны был.
3Кæсын, æмæ доны был лæууы фыр. Йæ
сыкъатæй иу разад фæстæдæр, фæлæ уæд-
дæр иннæмæй фестырдæр ис. 4Æз федтон,
фыр йæ сыкъатæй ныгуылæн, цæгат æмæ
хуссарæрдæм куыд лæбурдта, уый. Иу сыр-
ды бон дæр йæ ныхмæ фæлæууын нæ уыд,
цыдæриддæр æй фæндыди, уыдæттæ кодта,
æмæ дзы фервæзыны амал нал уыди. Рæстæг
куыд цыд, афтæ тыхджынæй-тыхджындæр
кодта.
5Æз, цы федтон, ууыл хъуыды кодтон.
Уалынмæ дын мæнæ ныгуылæнæрдыгæй
æрбацæуы цæу, йæ къæхтæ зæххыл ныдзæв-
гæ дæр нæ кæнынц, афтæмæй. Цæуæн йæ
цæстыты æхсæн уыди стыр сыкъа. 6Доны
был цы фыр лæууыд, уымæ йæ ных сарæзта,

**7:13** Адæймаджы Фырт — ныхас цæуы Йесо Чырыстийыл. Йæ зæххон царды рæстæг, Йæхи тыххæй дзургæйæ, Чырысти арæх пайда кодта ацы идиомæйæ.

æмæ йæм куы æрбахæстæг, уæд ноджы тынг-
дæр сызнæт ис. 7Куыд æм хæстæг кодта,
афтæ тынгæй-тынгдæр абухта. Уыциу цæф
æй ныккодта æмæ йын йæ дыууæ сыкъайы
дæр æрбасаста. Фырмæ цæуы ныхмæ фæ-
лæууыны хъару нæ разынди, цæу æй зæххыл
афæлдæхта, йæ къæхтæй йæ ссæста, æмæ
йын баххуысгæнæг нæ уыд.
8Цасдæр рæстæджы фæстæ цæу бынтон
стыхджын ис. Йе стыр сыкъа куы асасти,
уæд йæ бынаты разад æндæр цыппар сы-
къайы. Уыдон арæзт уыдысты цæгат, хуссар,
скæсæн æмæ ныгуылæнæрдæм. 9Сыкъатæй
иуыл разади гыццыл сыкъа, уый фæстæ
бæлвырд фестырдæр, аххæссыд хуссармæ,
скæсæнмæ æмæ алæмæты рæсугъд бæстæм.
10Æмæ схæццæ уæларвон æфсады онг. Уы-
мæн йæ иу хай, стæй стъалыты хай зæхмæ
раппæрста æмæ сæ йæ къæхты бын бассæста.
11Суанг æфсады Фæтæджы ныхмæ дæр сыс-
тади. Æрвылбон Ын нывæндтæ нал хастой,
æмæ Йæ Кувæндон ныззауат ис. 12Уыдæттæ
йын куы бантысти, уæд уæларвон æфсадæй
хынджылæггаг сарæзта, Æцæгад афæлдæхта
зæххыл, йæ фæндтæ иууылдæр сæххæст сты.
13Æз фехъуыстон дыууæ зæды ныхас, иу
дзы иннæйы куыд бафарста, уый: «Ацы зау-
уатæн кæрон кæд æрцæудзæн? Æрвылбоны
нывæндтæ хæссæн кæдмæ нæ уыдзæн? Ку-
вæндон æмæ уæларвон æфсад ссæсты бы-
наты кæдмæ уыдзысты?» 14Уый йын дзуапп
радта: «Дыууæ мин æртæсæдæ райсомы æмæ
изæры фæстæ Кувæндон ссыгъдæг уыдзæн».
15Æз, Даниил, уыцы цæстылуайæн куы
федтон, уæд йæ бамбарыныл архайдтон.
Æвиппайды мæ разы чидæр адæймаджы ху-
ызы февзæрди. 16Улайы доны астæуæй мæм
адæймаджы хъæлæсæй æрбадзырдæуыд:
«Гавриил, ацы лæгæн, йæ фын цы амоны, уый
бамбарын кæн». 17Куы мæм æрбахæстæг, уæд
фыр тæссæй зæххыл ныддæлгом дæн. Уый
мын загъта: «Адæймаджы фырт, бамбар:
цы федтай, уыдæттæ рæстæджы кæронмæ
хауынц». 18Мемæ куы дзырдта, уæд æз уадзы-
гæй зæххыл дæлгоммæ хуыссыдтæн. Уый мæ
систа, мæ къæхтыл мæ слæууын кодта æмæ
загъта: 19«Байхъус, æз дын радзурдзынæн,
рæстæджы кæрон, Хуыцауы азары рæстæг
куы ралæууа, уæд цы 'рцæудзæн, уыдæттæ.
20Ды федтай, дыууæ сыкъайы кæмæн уыд,
ахæм фыры. Уыцы сыкъатæ сты Перс æмæ
Мидийы паддзахæдтæ. 21Цæу та у Бердзены
паддзах, йæ цæстыты астæу цы стыр сыкъа
ис, уый та — йæ фыццаг паддзах. 22Сыкъа
кæй асаст æмæ йæ бынаты цыппар æндæр
сыкъайы кæй разад, уый та амоны: уыцы
паддзахады бæсты фæзындзæн цыппар
æндæр паддзахады, фæлæ сæм уый хуызæн
хъомыс нæ уыдзæн. 23Сæ кæрон куы 'рцæуа
æмæ сæ фыдракæндтæ куы сбирæ уой, уæд
фæзындзæни цъаммар æмæ мæнгард пад-
дзах. 24Уый тынг стыхджын уыдзæн, фæлæ
æбуалгъ фыдбылызтæ йæхи хъаруйæ нæ
араздзæн. Йæ фæндтæ иууылдæр сæххæст
уыдзысты, бабын кæндзæни хъомысджынты
æмæ сыгъдæджыты. 25Йæ мæнгард миты
фæрцы йæ хæрам хъуыддæгтæ размæ цæу-
дзысты, æмæ йæхиуыл тынг ферваæсдзæн.
Мæнгардæй бирæты фесафдзæн, сыстдзæн
суанг паддзæхты Паддзахы ныхмæ, фæлæ
йæхæдæг дæр бабын уыдзæн, æмæ лæджы
къухæй нæ амæлдзæн. 26Изæр æмæ райсомы
нывæндты тыххæй дын цæстылуайæны цы
раргом ис, уый æцæг у, фæлæ цыдæриддæр
федтай, уыдæттæ басусæг кæн, уымæн æмæ
рæстæджы кæронимæ баст сты».
27Æз, Даниил, ахæм æнæбон сдæн, æмæ
цалдæр боны æруатон дæн. Куы сдзæбæх дæн,
уæд дарддæр куыстон мæ паддзахæн. Цы мын
раргом, уыдæттæ мæ стыр дисы бафтыдтой,
æмæ сæ мæ бон æххæстæй бамбарын нæ уыди.

**9** 1-2Халдейæгты паддзах сси мидиаг Ксерк-
сы фырт Дарий. Æз, Даниил, йæ паддзахи-
уæджы фыццаг аз сагъæсы бацыдтæн, Ду-
недарæг пехуымпар Йеремиайæн Сыгъдæг
Фысты цы раргом кодта, уый фæдыл. Куыд
бамбæрстон, афтæмæй Йерусалимы сахар
дæс æмæ æртиссæдз азы дæргъы хъуамæ
гæныстонæй лæууыдаид.
3-4Æз мæ уæлæ сæхъис скодтон, мæ сæрыл
рыг байзæрстон æмæ ком дардтон, куыв-
тон æмæ лæгъстæ кодтон мæ Дунедарæг
Хуыцауæн:
«О Дунедарæг, стыр æмæ тасæфтауæг Ху-
ыцау! Чи Дæ уарзы æмæ Дын Дæ фæдзæхс-
тытæ чи æххæст кæны, уыдоныл иузæрдион
дæ кæддæриддæр. 5Мах фæтæригъæдджын
æмæ фæазымджын стæм Дæ разы: знæт æмæ
хивæнд уыдыстæм, Дæ фæдзæхстытæ æмæ
Дын Дæ уагæвæрдтæ не 'ххæст кодтам. 6Нæ
паддзæхтæ, не 'лдæрттæ, нæ фыдæлтæ æмæ
не 'ппæт адæммæ Дæ номæй чи дзырдта,
уыцы пехуымпартæм, Дæ лæггадгæнджы-
тæм, нæ хъуыстам.
7Дунедарæг, Ды кæддæриддæр иузæрдион
дæ, фæлæ мах, Йерусалимы цæрджытæ æмæ
иудейæгтæ, æгас Израилы адæм, абоны онг
фидиссагæй цæрæм. Нæ фыдракæндты ах-
хосæй нæ алы бæстæты ныххæлиу кодтай.

8 О Дунедарæг! Фидиссаг фесты нæ сæртæ!
Фидиссаг фæуæнт нæ паддзæхтæ, не ’лдæрт-
тæ æмæ нæ фыдæлтæ, уымæн æмæ фæтæри-
гъæдджын стæм Дæ разы. 9 О Бардарæг, нæ
Хуыцау, Ды бараг æмæ хатыргæнаг дæ, мах
та Дæ ныхмæ сыстадыстæм, 10 Дунедарæгмæ,
нæ Хуыцаумæ, нæ хъуыстам; Йæ лæггад-
гæнджыты, пехуымпарты дзыхæй нын цы
фæдзæхстытæ радта, уыдон не ’ххæст кодтам.
11 Æгас Израил дæр Дæ Æгъдауы сæрты ахызт,
цæмæй Дæм ма хъуса. Æмæ ныл уæд, Хуы-
цауы лæггадгæнæджы, Моисейы Æгъдауы
цы ’лгъыстытæ фыст ис, уыдон æрцыдысты,
уымæн æмæ фæтæригъæдджын стæм Ху-
ыцауы раз. 12 Нæ адæм æмæ нæ хицæутты
тыххæй Хуыцау цыдæриддæр загъта, уыдон
иууылдæр сæххæст кодта: арвы бын чи нæма
’рцыди, ахæм фыдæхы хай бакодта Йеруса-
лимы. 13 Моисейы Æгъдауы куыддæриддæр
загъдæуыд, афтæ ныл Хуыцауы фыдæх сæм-
бæлди, фæлæ мах Дунедарæгæн, нæ Хуыца-
уæн, лæгъстæ нæ кодтам, нæ тæригъæдтыл
не ’рфæсмон кодтам, Йæ æцæгад Ын ницæмæ
дардтам. 14 Æмæ нын уæд Дунедарæг стыр
фыдæх бавзарын кодта, уымæн æмæ Дуне-
дарæг, нæ Хуыцау, Йæ алы хъуыддаджы дæр
раст у, мах та Йæм нæ хъуыстам.
15 О Бардарæг, нæ Хуыцау! Дæ хъаруйы
фæрцы Дæ адæмы ракодтай Мысыры зæх-
хæй æмæ абоны онг кады аккаг скодтай Дæ
ном, мах та иууылдæр тæригъæдджын æмæ
аххосджын стæм Дæ разы. 16 О Бардарæг!
Дæ рæстады сæраппонд Дæ маст аздах Дæ
сахар Йерусалимæй, Дæ уаз хохæй! Нæ тæ-
ригъæдты æмæ нæ фыдæлты фыдракæндты
аххосæй Йерусалим æмæ Дæ адæм хынджы-
лæггаг систы сæ алыварс цæрджытæн! 17 Нæ
Хуыцау, фехъус Дæ цагъары куывд æмæ
йæ лæгъстæ! Бардарæг! Дæ Кувæндон хæлд
æрцыд, фæлæ йæ Дæхи сæраппонд хорзæ-
хы аккаг скæн! 18 Мæ Хуыцау, фехъус мæ!
Æркæс-ма, Дæ ном чи хæссы, уыцы сахары
дуррæдзæгъдтæм! Лæгъстæ дын кæнæм, нæ
рæстадæй ныфсджын кæй стæм, уый тых-
хæй нæ, фæлæ, Дæ хорзæхы аккаг нæ кæй
скæндзынæ, ууыл зæрдæ даргæйæ.
19 О Дунедарæг, фехъус нæ, ныббар нын!
Дунедарæг, æркæс нæм! Дæхи сæраппонд
нын фехъус нæ куывд! Дæ ном куы хæссынц
Дæ адæм æмæ Дæ сахар!»
20 Афтæ куывтон æз, фæсмон кодтон мæ
тæригъæдтыл, хатыр куырдтон Израилы
тæригъæдты тыххæй. Мæ Хуыцауы уаз хо-
хы тыххæй лæгъстæ кодтон Дунедарæгæн,
мæ Хуыцауæн. 21 Мæ кувыны рæстæг, изæры
нывæндты афонмæ ’ввахс, мæ разы февзæрд,
мæ фыццаг цæстылуайæны кæй федтон, уы-
цы Гавриил. 22 Уый мын райдыдта амонын:
«Даниил, æз æрцыдтæн, цæмæй дын, цы нæ
зоныс, уыдæттæ бамбарын кæнон. 23 Куыд-
дæр кувын æмæ лæгъстæ кæнын райдыд-
тай, афтæ дын Хуыцау дæ куывдæн дзуапп
радта, æмæ æз æрцыдтæн, цæмæй дын æй
фехъусын кæнон, уый тыххæй, уымæн æмæ
дæ Хуыцау бирæ уарзы. Уæдæ ацы уац æмæ
ацы цæстылуайæн бамбар.
24 Дæ адæмæн æмæ уаз сахарæн æмгъуыд-
гонд æрцыд авд хатты дæс æмæ æртиссæдз
азы, цæмæй дæ адæмæн сæ тæригъæд æмæ
сæ азым барст æрцæуой, цæмæй мыггагмæ
сфидар уа рæстад, цæстылуайæнтæ æмæ
рагуацтæн кæрон æрцæуа æмæ, Иууыл-
уаз Чи у, Уый байсæрстæуа. 25 Байхъус æмæ
бамбар: Йерусалимы сахар ногæй саразы-
ны бардзырд куы рацæуа, уыцы заманæй
Байсæрст Фæтæджы онг рацæудзæни авд
хатты æвдгай азтæ æмæ авд хатты дæс æмæ
æртиссæдз азы. Уый фæстæ сахары уынгтæ
арæзт æрцæудзысты, фæлæ рæстæг уыдзæни
тынг уæззау. 26 Авд хатты æхсай дыууæ азы
куы рацæуа, уæд Байсæрсты амардæуыдзæн,
æмæ Йæм ницы азым уыдзæн. Æрбабырсæг
фæтæджы адæм сахар дæр æмæ Кувæндон
дæр ныппырх кæндзысты. Фæтæджы сæфт
та уыдзæни стыр бæллæхау, æмæ уыцы фы-
дæвзарæн дуджы кæронмæ хæст нæ банцай-
дзæн, рагацау куыд нысангонд уыдис, афтæ.
27 Æрбабырсæг фæтæг бирæтимæ авд азы
æмгъуыдмæ бафидаудзæн æмæ, цалынмæ
авд азы иу æмбис рацæуа, уæдмæ Кувæндо-
ны æмгæрон хуынтæ æмæ нывæндтæ нал
уадздзæн. Кувæндоны ралæудзæни æлгъаг
зауат, цалынмæ гæныстонгæнæгæн йе сæфт
æрцæуа, уæдмæ, рагацау куыд нысангонд
уыд, афтæ».

**10** Персы паддзах Кир æртыккаг аз паддза-
хиуæг куы кодта, уыцы заман, Белтешацар
кæй хуыдтой, уыцы Даниилæн раргом ис
уац фидæны стыр хæсты тыххæй. Даниил
уыцы æргомад бамбæрста цæстылуайæны.

2 Æз, Даниил, уыцы рæстæг æртæ къу-
ырийы ком дардтон: 3 хæрзад хæринæгтæ
нæ хордтон, дзидза æмæ сæны хъæстæ нæ
фæдæн, стæй æртæ къуырийы мæ сæр сойæ
дæр нæ байсæрстон.
4 Фыццаг мæйы дыууын цыппæрæм бон,
Тигры стыр доны был, 5 æз хæрдмæ скастæн
æмæ федтон: лæууы чидæр, йæ уæлæ — гæн

хъуымацæй дарæс, йæ астæуыл — рон, уфазаг
сыгъзæринæй, [6]йæ гуыр — налхъуыт-налмасы
æнгæс, йæ цæсгом та æрвæрттывдау цæхæртæ
калдта. Йæ цæстытæ уыдысты арты æвзæг-
тау, йæ къухтæ æмæ йæ къæхтæ — æрттиваг
æрхуыйау. Куы сдзырдта, уæд йæ хъæлæс
уыди дзыллæйы уынæрау. [7]Ацы диссаг фед-
тон æрмæстдæр æз, Даниил, мæ алыварс цы
адæм уыди, уыдонæй йæ ничи федта, фæлæ
сыл фыр тæссæй ризæг бахæцыд, алырдæм-
ты фæлыгъдысты æмæ бамбæхстысты. [8]Æз
иунæгæй аззадтæн æмæ уыцы диссагæй мæ
цæстытæ нал истон. Мæ хъару æрбайсæфт, мæ
цæсгомы хуызы цъыртт нал баззад. [9]Йæ хъæ-
лæс ын куы фехъуыстон, уæд бауадзыг дæн
æмæ зæххыл дæлгоммæ æрхаудтæн. [10]Уæд
мæ кæйдæр къух фелвæста æмæ мæ ныууыгъ-
та — мæ зонгуытыл февзæрдтæн, мæ къухтæй
зæххыл æнцой кодтон, афтæмæй. [11]Зæд мын
загъта: «Даниил, Хуыцау дæ бирæ уарзы! Сыст
æмæ лæмбынæг байхъус мæ ныхæстæм, уы-
мæн æмæ æз ныр дæумæ æрвыст дæн». Куы
мæм сдзырдта, уæд сыстадтæн, фыр тæссæй
зыр-зыр кодтон. [12]Уый мын загъта: «Ма тæрс,
Даниил! Сусæгтæ бамбарынмæ тырнгæйæ,
Хуыцауы раз сæрныллæгæй фыццаг хатт куы
æрлæууыдтæ, уæд дын тæккæ уыцы бон дæ
куывд фехъуыста, æмæ æз уымæн æрцыдтæн.
[13]Æз раздæр дæр фæзындаин, фæлæ Персы
хъахъхъæнæг зæд иу æмæ ссæдз боны дæргъы
хæцыди мæ ныхмæ. Персы паддзæхты ных-
мæ хæцгæйæ, иунæгæй куы аззадтæн, уæд
мæм æххуысмæ фæзынди Михаел, уæлдæр
хъахъхъæнæг зæдтæй иу. [14]Ныр æз æрцыдтæн,
цæмæй дын, рæстæджы кæрон дæ адæммæ
цы 'нхъæлмæ кæсы, уыдæттæ базонын кæнон,
уымæн æмæ цæстылуайæн фидæнимæ баст у».
[15]Мемæ куы ныхас кодта, уæд æз мæ цæс-
тытæ зæххæй нал истон æмæ уыдтæн æдзæм.
[16]Уæд чидæр адæймаджы хуызы мæ разы
февзæрди æмæ мын андзæвыд мæ был-
тыл. Мæ бон дзурын сси, æмæ, мæ разы чи
лæууыд, уымæн загътон: «Мæ хицау, уыцы
цæстылуайæны фæстæ тынг удхар кæнын,
мæ хъару бынтондæр басасти. [17]Дæ цагъар
йеддæмæ куы ницы дæн, уæд мæ бон демæ
дзурын куыд суыдзæн? Мæ тых фесæфти,
мæ бон улæфын дæр нал у».

[18]Мæ разы нæлгоймаджы хуызы чи фев-
зæрд, уый та мыл ногæй андзæвыд, æмæ
фæхъæддыхдæр дæн. [19]Уый мын загъта: «Ма
тæрс, Хуыцау дæ бирæ уарзы. Фæрнджын у!
Дæхи фæхъæддых кæн!» Цалынмæ мемæ
дзырдта, уæдмæ мæхимæ æрцыдтæн æмæ
загътон: «Дзур, мæ хицау, раздæхтай мын
мæ хъару». [20-21]Уæд мын уый загъта: «Цæ-
мæн дæм æрцыдтæн, уый зоныс? Æз хъуамæ
аздæхон æмæ дарддæр тох кæнон Персы
хъахъхъæнæг зæды ныхмæ. Уый фæстæ та
фæзындзæн Бердзены хъахъхъæнæг зæд.
Фæлæ уал дын æз, Æцæгады чиныджы цы
фыст ис, уыдæттæ бамбарын кæндзынæн. Уæ
сæрхъуызой Михаелы йеддæмæ сæ ныхмæ
мæ фарс чи схæца, уый нæй.

**11** Мидиаг Дарий фыццаг аз хицауиуæг куы
кодта, уæд та йæм æз æрцыдтæн æххуысмæ.
[2]Ныр дын æз базонын кæндзынæн, æнæмæнг
цы 'рцæудзæни, уыдæттæ.

Персы ма ноджы æртæ паддзахы фæзын-
дзæн, сæ фæстæ та — цыппæрæм паддзах.
Уый, йæ размæ цы паддзæхтæ уыди, уыдо-
нæй хъæздыгдæр уыдзæн. Йæ хъæздыгдзи-
нады фæрцы схъомысджын уыдзæн æмæ йе
'ппæт тыхтæ Бердзены паддзахады ныхмæ
сараздзæн. [3]Йæ фæстæ фæзындзæн хъо-
мысджын паддзах, йæ хъомысы фæрцы,
цыдæриддæр æй фæнда, уыдæттæ кæндзæн.
[4]Фæлæ куыддæр паддзахы бынат бацахса,
афтæ йæ бæстæйы иудзинад нал уыдзæн,
æмæ йæ паддзахад цыппар дихы фæуыдзæн.
Паддзахы цотмæ паддзахады хæйттæй ни-
цы 'рхаудзæн, стæй паддзахад, уый заманы
куыд уыди, афтæ тыхджын нал уыдзæн.
[5]Уыцы заман стыхджын уыдзæни хуссары
паддзах, фæлæ йе 'фсады балхонтæй иу йæ-
хицæй тыхджындæр суыдзæн æмæ ноджы
уæрæхдæр зæххытæ бацахсдзæн.
[6]Рæстæг куы рацæуа, уæд хуссары паддзах
цæгаты паддзахимæ бафидаудзæн æмæ йын
йæ чызджы ратдзæн. Фæлæ чызгæн йæ цард
нывыл нæ ацæудзæн, æмæ йæ фыды фæндтæ
нæ сæххæст уыдзысты: цасдæр рæстæджы
фæстæ хуссары паддзахы чызджы, йæ фыды,
йæ мой æмæ йæ сывæллоны, стæй ус-пад-
дзахы бынат кæй фæрцы бацахста, уыдоны
се 'ппæты дæр амардзысты. [7]Хуссары пад-
дзахы фырт йæ фыды бынат бацахсдзæн
æмæ цæгаты 'фсады ныхмæ тох кæндзæн.
Цæгаты паддзахы фидармæ бабырсдзæн
æмæ йыл фæуæлахиз уыдзæн. [8]Паддзахады
хуыцаугæндтæ, джиппыуагъд гуымирытæ,
алыхуызон хæзнатæ, сыгъзæрин æмæ æвзист
мигæнæнтæ — алцыдæр йæхи бакæндзæн.
Мысырмæ сæ аласдзæн æмæ цалдæр азы
цæгаты паддзахы нал бахъыгдардзæн. [9]Цал-
дæр азы фæстæ цæгаты паддзах хуссармæ
бабырсдзæн, фæлæ йæ фæстæмæ раздæхын
бахъæудзæн.

10 Рæстæг куы рацæуа, уæд цæгаты пад-
дзахы фырттæ сæхи хæстмæ сцæттæ кæн-
дзысты, æмæ сæм стыр æфсад æрæмбырд
уыдзæн. Æфсымæртæй иу йе ’фсадимæ
стыр цæугæдонау размæ бырсдзæн æмæ
суанг хуссары паддзахы фидармæ бахæццæ
уыдзæн. 11 Хуссары паддзах тынг смæсты
уыдзæн æмæ цæгаты паддзахы ’фсадимæ
тохы бацæудзæн. Цæгаты паддзах ноджы
фылдæр æфсæдтæ æрæмбырд кæндзæн,
фæлæ иууылдæр йе знаджы амæттаг ба-
уыдзысты. 12 Цæгаты æфсæдтæ саст куы
æрцæуой, уæд хуссары паддзах йæхиуыл
тынг фервæсдзæн, мингай æфсæдтæ ныц-
цæгъддзæн, фæлæ уæддæр йе знагыл нæ
фæуæлахиз уыдзæн. 13 Уымæн æмæ цæгаты
паддзах ногæй, раздæр æм чи уыд, уымæй
фылдæр æфсад æрæмбырд кæндзæн æмæ
цалдæр азы фæстæ стыр æмæ гæрзифтонг
тыхтимæ хуссары паддзахмæ бабырсдзæн.
14 Уыцы заман хуссары паддзахы ных-
мæ бирæтæ сыстдзысты. Дæ адæмæй дæр
нæрæмон чи разына, уыдон йæ ныхмæ тох
кæндзысты, цæмæй, рагацау цы загъдæуыд,
уыдæттæ иууылдæр сæххæст уой, фæлæ сæ
къухы ницы бафтдзæн. 15 Цæгаты паддзах
дæр та ногæй æрбабырсдзæн, сыджытрагъ
саразын кæндзæн æмæ сахары фидар ба-
цахсдзæн. Хуссары тыхтæ саст æрцæудзысты,
хуыздæр хæстонтæй дæр ничи фервæздзæн.
16 Æрбабырсæг паддзах, цы йæ фæнда, уы-
дæттæ кæндзæн, æрфидар уыдзæн алæмæ-
ты рæсугъд бæстæйы, алцыдæр уыдзæни
йæ дæлбар. Никæй бон уыдзæн йæ ныхмæ
хæцын, 17 æгас паддзахад басæттын сфæнд
кæндзæн. Йе знагимæ бафидаудзæн æмæ
йын цæмæй йæ паддзахады хъомыс басæт-
та, уый тыххæй йын йæ чызджы ратдзæн.
Фæлæ йæ фæнд нæ сæххæст уыдзæн, йæхи-
цæн дзы æппындæр ницы спайда кæндзæн.
18 Уый фæстæ йе ’ргом сакъадæхты ’рдæм
сараздзæн æмæ дзы бирæтæ бацахсдзæн.
Фæлæ йæ æфсады хицау басæтдзæн, уый
ныхмæ хæцын йæ бон нал суыдзæн. 19 Æмæ
уæд йæхи бæстæйы фидæрттæ басæттынмæ
раздæхдзæн, фæлæ йæ адзал æрцæудзæн,
æмæ зæххыл йæ кой дæр нал баззайдзæн.
20 Йæ фæстæ цы паддзах фæзындзæн, уый
намысджын паддзахадыл хъалонисæджы
æрзилын кæндзæн, фæлæ та уымæн дæр цас-
дæр рæстæджы фæстæ йе сæфт æрцæудзæн,
фæлæ йæ æргомæй кæнæ хæсты быдыры
нæ амардзысты. 21 Йæ бынат ын иу æнаккаг
паддзах бацахсдзæн, æппындæр æм ницы
бартæ уыдзæн, афтæмæй. Æнæнхъæлæджы
фæзындзæн æмæ козбау миты фæрцы пад-
дзахад бацахсдзæн. 22 Йе знæгты æфсæдтæм
доны хъаймæтау багуылф кæндзæн æмæ
сæ ныххафдзæн. Уыцы азар баййафдзæни
Фидыды фæтæджы дæр.

23 Ног паддзах æндæр адæмтæй йæхицæн
цæдисонтæ скæндзæн æмæ сыл хинæй цæу-
дзæн. Кæд йæ хъузæттæ бирæ нæ уыдзыс-
ты, уæддæр йæ бынаты æрфидар уыдзæн.
24 Æппæты хъæздыгдæр бæстæтæм бабырс-
дзæн æмæ, нæдæр йæ фыдæлтæ, нæдæр йæ
фыдæлты фыдæлтæ кæй нæ кодтой, ахæм
фыдбылызтæ сараздзæн. Тыхтонайæ цы-
дæриддæр байса, уыдон йæ фæсдзæуинты
’хсæн æнæвгъауæй уардзæн æмæ йе знæгты
фидæртты ныхмæ тох кæндзæн, фæлæ афтæ
уыдзæн æрмæстдæр бæлвырд æмгъуыдмæ.
25 Йе ’ппæт тыхтæ хуссары паддзахы ныхмæ
сараздзæн æмæ æнæнымæц æфсадимæ йемæ
схæцдзæни. Хуссары паддзах хæстмæ рацæу-
дзæн ноджы стырдæр æфсадимæ, фæлæ йыл
йе знаг фæуæлахиз уыдзæн, уымæн æмæ
йæ ныхмæ арæзт æрцæудзæни сусæгвæнд.
26 Кæддæр паддзахы фынгыл йемæ чи бадти,
уыдон ыл гадзрахатæй рацæудзысты, æмæ
йе ’фсад цагъды фæуыдзæн. Уыцы хæсты
бирæтæ фæмард уыдзысты.
27 Дыууæ паддзахмæ дæр уыдзæни мæн-
гард фæндтæ, иумæ фынгыл æрбаддзысты
æмæ кæрæдзийæн мæнг ныхæстæ кæндзыс-
ты. Сæ иуæн дæр йæ фæндтæй ницы рауай-
дзæн, уымæн æмæ кæрон æрцæудзæнис
бæлвырд рæстæджы. 28 Цæгаты паддзах стыр
тæлæтимæ йæхи бæстæм раздæхдзæн. Фæн-
дагыл Уаз Фидыды ныхмæ тох кæнын сфæнд
кæндзæн. Йæ фыдбылызы фæндтæ куы сæх-
хæст кæна, уæд йæ райгуырæн бæстæм раз-
дæхдзæн. 29 Рæстæг куы ’рцæуа, уæд ногæй
хуссармæ бабырсдзæн, фæлæ йæ балц раз-
дæрау æнтыстджын нæ уыдзæни. 30 Уымæн
æмæ уыцы рæстæг фæзындзысты киттимаг
наутæ, æмæ паддзах фыр тæссæй фæстæмæ
аздæхдзæн. Уаз Фидыды ныхмæ сыстдзæн
æмæ стыр тохы бацæудзæн. Уаз Фидыдыл
йæ зæрдæ чи сивта, уыдоны майдантæ æмæ
лæвæртты бын фæкæндзæни. 31 Йе ’фсæдтæ
Кувæндоны фидар фæчъизи кæндзысты,
æмæ дзы æрвылбоны нывæндтæ ничиуал
хæсдзæн, Кувæндоны æлгъаг зауаты заман
ралæудзæн. 32 Фидыдыл гадзрахатæй чи ра-
цæуа, уыдоны паддзах козбау миты фæрцы
фæсайдзæн, фæлæ, йæ Хуыцауы чи нæ фе-
рох кодта, уыдон æхсарджынæй йæ ныхмæ
тох кæндзысты. 33 Адæмы ’хсæн куырыхон

чи уа, уыдон бирæты раст фæндагмæ здах-
дзысты, фæлæ цасдæр рæстæг æфхærд æй-
йафдзысты: кардæй сæ мардзысты, арты сæ
судздзысты, уацары сæ кæндзысты, сæ мулк
сын исдзысты. 34 Се 'фхæрды заман иу чысыл
æххуыс райсдзысты, бирæтæ сæм цæстмæ
сæхи æрбаввахс кæндзысты. 35 Куырыхонтæй
дæр бирæтæ æфхæрд баййафдзысты æмæ
фыдæвзарæнты бахаудзысты, ссыгъдæг æмæ
сæнаипп уыдзысты.

36 Цæгаты паддзах раздæрау, цы йæ фæнда,
уыдæттæ кæндзæн, тынг схъал уыдзæн æмæ
йæхи хуыцæуттæй уæлдæр сæвæрдзæн. Ху-
ыцæутты Хуыцауы ныхмæ æвирхъау фауæн
ныхæстæ кæндзæн æмæ йæ хъуыддæгты
уыдзæни æнтыстджын, цалынмæ уыцы
уæззау заманæн йæ кæрон æрцæуа, уæдмæ,
уымæн æмæ, рагацау цы снысан чындæуыд,
уыдæттæ хъуамæ иууылдæр сæххæст уой.
37 Цæгаты паддзах кады аккаг не скæндзæн
нæдæр йæ фыдæлты хуыцæутты, нæдæр,
сылгоймæгтæ кæй уарзынц, уыцы хуыца-
уы. Иу хуыцауы дæр нæ нымайдзæн, йæхи
æппæт хуыцæуттæй уæлдæр сæвæрдзæн.
38 Йæ фыдæлты Хуыцауы бæсты скад кæн-
дзæни фидæрттыл аудæг хуыцауæн — йæ
фыдæлтæ кæй нæ зыдтой, уымæн. Сыгъ-
зæрин æмæ æвзистæй, зынаргъ дуртæй
æмæ æндæр алыхуызон хæзнатæй йæ сбуц
кæндзæн. 39 Æцæгæлон хуыцауы æххуы-
сæй тыхджын фидæрттæ басæтдзæн æмæ,
йæхæдæг кады аккаг кæй скæна, уыдоны
лæвæрттыбын фæкæндзæн, хицæуттæй
сæ сæвæрдзæн æмæ сын зæххытæ байуар-
дзæн. 40 Рæстæг куы ралæууа, уæд хуссары
паддзах йæ ныхмæ сыстдзæни, фæлæ йыл
уый хæстон уæрдæттимæ æмæ æнæнымæц
наутимæ уадтымыгъау йæхи ныццæвдзæн.
Доны хъаймæтау алы бæстæтæм гуылф
кæндзæн. 41 Бабырсдзæни алæмæты рæсугъд
бæстæм, æмæ мингай адæмтæ йæ амæттаг
бауыдзысты. Фæлæ едомæгтæ, моавæгтæ,
стæй аммонæгтæн сæ фылдæрыл нæ фæ-
уæлахиз уыдзæн. 42 Æмæ уæд æндæр бæс-
тæтæм бырсдзæн, суанг дзы Мысыр дæр
нæ аирвæздзæн. 43 Мысыры цыдæриддæр
сыгъзæрин, æвзист æмæ æндæр хæзнатæ
ссара, уыдон иууылдæр йæхи бакæндзæн;
ливиæгтæ æмæ эфиопæгты басæтдзæн.
44 Скæсæн æмæ цæгатæй цы хабæрттæ фе-
хъусдзæн, уыдон ыл стыр тас бафтаудзысты.
Фыр мæстæй пиллон артау ссудздзæн æмæ
йе знæгты ныхмæ хæстмæ рацæудзæн. 45 Йæ
цатыртæ айтындздзæн денджыз æмæ Уаз
хохы, хæхты рæсугъддæры, æхсæн, фæлæ
йæ адзал æрцæудзæн, æмæ йын ничиуал
баххуыс кæндзæн.

**12** Уыцы рæстæджы фæзындзæни хъо-
мысджын хицау Михаел æмæ дæ адæмы
сæрыл растдзæн, уымæн æмæ ралæудзæнис,
адæмы сфæлдыстæй абоны онг чи нæма
'рцыди, ахæм фыдæвзарæн дуг. Уыцы за-
ман дæ адæмæй царды чиныджы фыст чи
разына, уыдон иууылдæр фервæздзысты.
2 Сау мæры чи бафынæй, уыдонæй бирæтæ
райхъал уыдзысты: иутæ — мыггагмæйы
цард райсынæн, иннæтæ та — æнусон ху-
динаг æмæ æрдиагæн. 3 Куырыхонтæ сæ-
уæхсидау ныррухс уыдзысты æмæ, адæмы
раст фæндагмæ чи раздæхта, уыдон æнусмæ
стъалытау цæхæр калдзысты. 4 Ды та, Да-
ниил, бамбæхс ацы дзырдтæ æмæ фæстаг
заманмæ ацы чиныг сæхгæн, уымæн æмæ
фæстаг заманы бирæтæ сдзæгъæл уыдзысты,
æмæ фыдбылыз сарæх уыдзæн».

5 Уæд æз, Даниил, размæ акастæн æмæ
федтон: ноджы ма дыууæйæ лæууынц, иу —
донæн йæ ацы фарс, иннæ та — йæ фаллаг
фарс. 6 Уыдонæй иу, гæн хъуымацæй дарæ-
сы доны сæрмæ чи лæууыд, уый, бафарс-
та: «Æмæ уыцы диссæгтæн сæ кæрон кæд
æрцæудзæн?» 7 Æз ын фехъуыстон йæ дзу-
апп. Йæ къухтæ хæрдмæ сдаргæйæ, Æнусты
Цæрæгæй расомы кодта: «Æмгъуыд, дыууæ
æмгъуыды æмæ æмгъуыды æрдæджы фæстæ.
Хуыцауы æвзæрст адæмы ныхмæ тох куы
ничиуал кæна, уæд æппæтæн дæр кæрон æр-
цæудзæни». 8 Æз æм хъуыстон, фæлæ йын йæ
ныхæстæ не 'мбæрстон æмæ сдзырдтон: «Мæ
хицау! Æппæт уыдæттæн сæ кæрон цавæр
уыдзæн?» 9 Уый мын дзуапп радта: «Даниил,
ацу. Уыцы ныхæстæ рæстæджы кæронмæ
æмбæхст æмæ сусæггонд сты. 10 Бирæтæ
ссыгъдæг æмæ сæнаипп уыдзысты, фы-
дæвзарæнты бахаудзысты, фыдгæнджытæ
та араздзысты фыдбылызтæ æмæ сæ бон
бамбарын ницы суыдзæн, фæлæ куыры-
хонтæ алцыдæр бамбардзысты. 11 Æрвыл-
боны нывæндтæ куы ничиуал хæсса æмæ
æлгъаг заууат куы ралæууа, уыцы заманæй
рацæудзæн иу мин дыууæсæдæ нæуæдз
боны. 12 Тæхудиаг сты, æнхъæлмæ чи кæсы
æмæ иу мин æртæсæдæ æртын фондз боны
æнхъæлмæ чи кæсдзæни, уыдон. 13 Ды та цу
дæ фæндагыл кæронмæ, æрсабыр уыдзынæ
æмæ рæстæджы кæрон дæ хал айсынмæ
сыстдзынæ».

# Пехуымпар Осиайы чиныг

Осиа Хуыцауы ныхас Израилы адæмæн хъусын кодта пехуымпар Амосæй фæстæдæр – Чырыстийы райгуырды агъоммæ VIII æнусы дыккаг æмбисы. Уыцы заман Цæгатаг паддзахад Израил (тæккæ стырдæр мыггаджы номмæ гæсгæ ма йæ Ефрем дæр хуыдтой) фехæлынæввонг уыдис (кæс: 4 Пад 14:23; 17:23). Цалдæр паддзахы фæд-фæдыл мард æрцыдысты сусæгвæндтæ æмæ змæстыты азарæй. Ассирийы импери куыдфæстæмæ Израилы зæххытæн сæ фылдæр йæхи бакодта. Паддзахады уæлиуæг кодтой галиу митæ, адæм куывтой Ханааны хуыцæуттæм æмæ, Дунедарæджы фæлгонцыл кæй нымадтой, суанг уыцы дыууæ уæныджы сыгъзæрин гуымирытæм дæр.

Израилаг адæмы царды уаг Осиа бары æддæкъах бинонты цардимæ (йæхиуыл дæр æй бавзæрста). Хуыцау æмæ Йе 'взæрст адæмы ахастдзинæдтæ хъуамæ уой уарзон æмкъайы ахастдзинæдтау, фæлæ адæм сæхи дарын райдыдтой, хъахбай сылау сын æндæр хуыцæуттæ æмæ сыхаг паддзахæдтæ хæзгулты хуызæн систы.

Осиа сидтис израилæгтæм, цæмæй сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кæной, зæрдиагæй тырной Хуыцаумæ, агурой Йемæ иудзинад сног кæныны амал. Фæлæ адæм йæ коммæ нæ бакастысты, æмæ сыл фæстагмæ стыр бæллæх æрцыди: ассириæгтæ ныддæрæн кодтой Цæгатаг паддзахады сæйраг сахар æмæ бирæты уацары акодтой (н. д. а. 722–721 азтæ).

---

**1** Дунедарæг фехъусын кодта Йæ ныхас
Беерийы фырт Осиайæн. Уый уыди Иудейы
паддзæхтæ Озиа, Иотам, Ахаз æмæ Езекиайы
заманты, стæй Израилы паддзах Йеровоамы,
Йоасы фырты, заман.
2 Дунедарæг Осиайы уылты ныхас кæнын
куы райдыдта, уæд ын æппæты фыццаг
загъта: «Бавдæл, хъахбай сылгоймаджы
ракур æмæ хъахбай цот рауадз, уымæн æмæ
ацы зæхх Дунедарæгыл йæхи атигъ кодта
æмæ схъахбай ис». 3 Æмæ Осиа бавдæлд
æмæ Дивлаимы чызг Гомеры æрхаста. Гомер
басывæрджын æмæ йын фырт ныййардта.
4 Дунедарæг Осиайæн загъта: «Сæвæр ыл
ном Израел. Чысыл рæстæджы фæстæ Мын
Изреелы туг Йегу бафиддзæни, æмæ Æз йæ
бындур ныззилдзынæн Израилы паддзахæн.
5 Уыцы бон Æз Израилы æрдын ныссæттдзынæн Изреелы дæлвæзы».
6 Гомер та ногæй басывæрджын æмæ
чызг ныййардта. Дунедарæг загъта Осиайæн: «Сæвæр ыл ном Лорухамæ, ома
Æнæхатыргонд, уымæн æмæ Æз нал ныббардзынæн Израилы адæмæн, нал сын
ныххатыр кæндзынæн. 7 Иудæйы бай-
зæддаг та хатыргонд уыдзысты, æмæ сæ
Æз фервæзын кæндзынæн – кард, æр-
дын, хæст, бæхтæ æмæ барджыты фæрцы
нæ, фæлæ Дунедарæджы, сæ Хуыцауы,
хъаруйæ».
8 Лорухамæйы риуæй куы фæиртæста, уæд
та Гомер басывæрджын ис, æмæ лæппу ныййардта. 9 Уæд Дунедарæг загъта: «Сæвæр
ыл ном Лоамми, уымæн æмæ сымах Мæ
адæм не стут, æмæ Æз нæ уыдзынæн уæ
Хуыцау». 10 Фæлæ израилæгтæ сбирæ уы-
дзысты денджызы змисау – банымайæн
дæр æмæ сбарæн дæр кæмæн нæй. Æмæ сын
афтæ кæм загъдæуыд: «Сымах Мæ адæм не
стут», зæгъгæ, уым сын дзурдзысты: «Сымах
стут Цардæгас Хуыцауы хъæбултæ». 11 Иудейæгтæ æмæ израилæгтæ иумæ æрбамбырд
уыдзысты, сæхицæн иу фæтæджы сæвæрдзысты æмæ уыцы бæстæй рацæудзысты,
уымæн æмæ Изреелмæ æнхъæлмæ кæсы
стыр фидæн.

**2** Уе 'фсымæртæм дзурут «Мæ адæм», уæ
хотæм – «Хатыргонд».
2 Дзуапп æрдомут уæ ныййарæг мадæй,
уымæн æмæ уый Мæ бинойнаг нæу, Æз та
нæ дæн йæ сæрыхицау. Йæ хъахбай митæ
ныууадзæд, хъазинаг ма аразæд йæ риуæй.
3 Науæд æй Æз, йæ райгуырды бон куыд уыди,
афтæ мадард бæгънæг скæндзынæн æмæ йæ
æдзæрæг быдыр фестын кæндзынæн, доны
'ртах æм нал æруадздзынæн, æмæ дойныйæ
мæлдзæни.

**1:9** Ацы ном нысан кæны «Мæ адæм не стут».

4Йæ цотæн дæр хатыр нæ уыдзæн, уымæн
æмæ хъахбайы цот сты. 5Æддæкъах уыди сæ
мад æмæ сæ афтæмæй ныййардта. Дзырдта,
зæгъгæ, мæ хæзгулты фæстæ цæудзынæн:
уыдон мын дæттынц дзул æмæ дон, къу-
ымбил æмæ гæн, оливæйы сой æмæ нозт.
6Йæ развæндаг ын Æз сындз къутæр фес-
тын кæндзынæн, йæ алыварс ын самай-
дзынæн быру, æмæ йæ фæндаг ныссуйтæ
уыдзæн. 7Йæ хæзгулты фæдыл азгъордзæн,
фæлæ сæ нал аййафдзæн, агурдзæн сæ, фæ-
лæ сæ не ссардзæн. Æмæ уæд зæгъдзæни:
«Цæуон, мæ фыццаг лæгмæ раздæхон — уæд
мæ цард абонæй хуыздæр уыд».
8Уый нæ зыдта, Æз ын кæй лæвæрдтон
хæринаг, сæн æмæ сой, æнæнымæц æвзист
æмæ сыгъзæрин, уый та Баалы гуымиры
сарæзта. 9Уый тыххæй Æз тыллæг афон
фæстæмæ байсдзынæн мæ хор, куы сцæттæ
уа, уæд — Мæ сæн; фæстæмæ байсдзынæн
Мæ къуымбил æмæ гæн, йæ бæгънæг буар
кæмæй æрæмбæрзы, уыдон. 10Æз ын ныр
йæ худинаг йæ хæзгулты раз раргом кæн-
дзынæн, æмæ Мын æй Мæ къухæй ничиуал
байсдзæн. 11Æз ын кæрон скæндзынæн
йæ хъæлдзæгдзинæдтæн, мæйногтæ æмæ
сабæттæн — алы бæрæгбонæн. 12Æз ын
сафтид кæндзынæн йæ сæнæфсиры тала-
тæ æмæ йæ легъуи бæлæстæ, йæ хæзгул-
ты лæвæрттæ кæй хуыдта, уыдон. Хъæды
пыхсбынтæ сæ фестын кæндзынæн, æмæ сæ
хъæддаг сырдтæ аныхъуырдзысты. 13Баалы
гуымирытæн буд кæй сыгъта, уый тых-
хæй йæ Æз бафхæрдзынæн. Йæхи-иу хъус-
цæджытæ æмæ фæрдгуытæй сфæлыста,
æмæ афтæмæй йæ хæзгулты фæдыл зылди,
Мæн та-иу рохуаты ныууагъта, — зæгъы
Дунедарæг.
14Уымæ гæсгæ йæ Æз ныр Мæхæдæг æдзæ-
рæг быдырмæ ахондзынæн, фæлмæн ныхас
кæндзынæн йемæ. 15Уым ын Æз фæстæмæ
ратдзынæн йæ сæндæттæ, Ахоры дæлвæз
фестдзæни ныфсы дуар. Æмæ уым рай-
хъуысдзæни йæ зарæг, æвзонг ма куы уыд
æмæ Мысыры зæххæй куы рацыд, уæд куыд
уыдис, афтæ.
16Уыцы бон, — зæгъы Дунедарæг, — ды
Мæн схондзынæ дæ сæрыхицау, мæ Хицау,
зæгъгæ, нал дзурдзынæ Мæнмæ. 17Баалы
нæмттæ дын дæ былалгъæй фесафдзынæн,
æмæ сæ кой нал фехъуысдзæн.
18Уыцы бон Æз быдыры цæрæгойтæ, уæ-
ларвон мæргътæ æмæ зæххон хилæгойты
адæмимæ бафидауын кæндзынæн; уы-
цы зæххыл кард, æрдын æмæ хæстæн сæ
кой дæр фесафдзынæн, æмæ цæрдзысты
æдасæй.
19Мæхицæн дæ усаг зæгъдзынæн мыггаг-
мæ — рæстад æмæ рæстдзинады, уарзондзи-
над æмæ хорзæхы быиндурыл. 20Иузæрдио-
нæй дæ усаг зæгъдзынæн Мæхицæн, æмæ
ды базондзынæ Дунедарæджы.
21Уыцы бон Æз ратдзынæн дзуапп, — зæ-
гъы Дунедарæг, — арвæн зæгъдзынæн, æмæ
зæххыл къæвда æруадздзæни. 22Зæхх рат-
дзæнис хор, сæн æмæ оливæйы сой. Æмæ
афтæмæй дзуапп ратдзынæн Изреелæн.
23Мæхицæн æй байтаудзынæн зæххы, æмæ
уæд Æнæхатыргондæн ныббардзынæн. Мæн
чи нæу, уыцы адæмæй Æз зæгъдзынæн «Мæ
адæм», уыдон та Мын зæгъдзысты: «Ды — нæ
Хуыцау».

**3** Дунедарæг мын загъта: «Цу æмæ ба-
уарз, лæгимæ цæргæйæ ма æндæр лæгтæм
дæр йæ хъус чи дары, ахæм сылгоймаджы,
раст мæнæ, Дунедарæг израилæгты куыд
уарзы, фæлæ ма уыдон уæддæр æндæр
хуыцæуттæм сæ хъус куыд дарынц æмæ
сын сæ чисмисджын гуылтæ куыд уар-
зынц, уыйау». 2Æмæ æз мæхицæн бал-
хæдтон сылгоймаджы, фынддæс шекелы
æвзист æмæ йыл иу æмæ æрдæг хомеры
хъæбæрхор радтон. 3Загътон ын: «Бирæ
рæстæг цæр мæ хæдзары. Дæ хъахбай
митæ ныууадз, макæимæ хæт, æмæ дын
æз дæр афтæ уыдзынæн». 4Уымæн æмæ
израилæгтæ бирæ рæстæг баззайдзысты
æнæ паддзахæй, æнæ æлдарæй æмæ æнæ
нывондæй; æнæ нывондхæссæнæй, æнæ
ефодæй, æнæ хæдзарон хуыцаугондæй.
5Уый фæстæ æрфæсмон кæндзысты æмæ
æрцагурдзысты Дунедарæджы, сæ Хуы-
цауы, стæй сæ паддзах Давиды. Фæстаг
заманы Дунедарæджы раз аргъуыц кæ-
нын райдайдзысты æмæ Йын Йæ хорзæх
агурдзысты.

**4** Байхъусут Дунедарæджы ныхасмæ, из-
раилæгтæ! Уый ацы бæстæйы цæрджытæн
тæрхон кæны, уымæн æмæ сæ зæххыл нал
ис рæстдзинад æмæ хæлардзинад, ничи-
уал зоны Хуыцауы. 2Сæ сомытæ фæсайынц,
марынц, давынц, хъахбай митæ кæнынц,
тугныккалдæн кæрон нæй. 3Уый тыххæй
бахус уыдзæни зæхх, æмæ фырвæллад ба-
уыдзысты йе ’ппæт цæрджытæ — быдыры
цæрæгойтæ, уæларвон мæргътæ æмæ суанг
денджызы кæсæгтæ дæр бабын уыдзысты.
4Фæлæ быцæу мачи кæнæд, мачи макæй

дарæд азымы. Сауджынтæ, Æз азымджын
кæнын сымах!
5Боныгон фæкæлдзыстут уæхæдæг, æх-
сæвы та — уæ пехуымпартæ. Æз уын уæ
ныййарæг мады дæр бабын кæндзынæн.
6Бындзагъд фæуыдзысты Мæ адæм, фаг
кæй не ’мбарынц, уый тыххæй.
Сауджынтæ, исты бамбарын уæ кæй нæ
бафæндыд, уый тыххæй уыл Æз мæхи атигъ
кæндзынæн. Сымах уæ Хуыцауы Æгъдау
куыд ферох кодтат, афтæ уын Æз дæр уæ
цоты рохуаты ныууадздзынæн.
7Сæ нымæц цас фылдæр кæны, уыйас
Мæ ныхмæ фылдæр тæригъæдтæ кæнынц.
Æз сын сæ кад баивдзынæн æгадæй. 8Мæ
адæмы тæригъæдтæй æфсæдынц, сæ фыд-
ракæндтæм сын бæллынц. 9Адæммæ цы
кæса, сауджынмæ дæр — уый. Алкæй дæр
йæ фæндæгтæм гæсгæ бафхæрдзынæн,
алкæмæн дæр йæ хъуыддæгтæм гæсгæ
бафиддзынæн. 10Хæрдзысты, фæлæ не
’фсæддзысты; хъахбай митæ кæндзысты,
фæлæ сын цот нæ рацæудзæн, уымæн æмæ
Дунедарæгыл сæ зæрдæ сивтой. 11Хæлд
митæ, зæронд æмæ ног сæн сæ царды сæй-
раг систы.
12Мæ адæм сæ бæласы фæрсынц, æмæ
сын уый дзуапп ратты. Сæ хъахбайдзинад
сын сæ фæндаг ныссуйтæ кодта æмæ, æнæ-
уаг митæ кæнгæйæ, сæ Хуыцауæй адард сты.
13Хæхты цъуппытыл нывæндтæ хæссынц
æмæ къуыбыртыл судзынц буд — тулдз
бæласы, гæды бæласы æмæ теревинфы
бын, уымæн æмæ уыдон хорз ауон да-
рынц. Уæ чызджытæ æмæ уæ чындзытæ
дæр уый тыххæй схъахбай сты. 14Æз уын
уæ чызджыты сæ хъахбай миты тыххæй
нæ бафхæрдзынæн, стæй уæ чындзыты
дæр се ’нæуаг миты тыххæй Мæ азары хай
нæ бакæндзынæн, уымæн æмæ уæхæдæг
дæр хъахбайтæ стут æмæ нывæндтæ дæр
хъахбайтимæ хæссут, ницызонæг адæм
та сæфынц.
15Кæд ды хæтгæ кæныс, Израил, уæд Иудæ
тæригъæдæй йæхи бахизæд! Ма цæут Гил-
гал кæнæ Бет-Авенмæ æмæ Дунедарæгæй
сомы ма кæнут. 16Къæйных дыгæрдыгæй
уæлдай коммæ куынæуал кæсы Израил, уæд
ма сæ Дунедарæг уæрыччытау парахат уы-
гæрдæны куыд хиза? 17Гуымирытыл баст у
Ефрем — йæхи уагыл æй уадз! 18Нуазын æмæ
хæтын йеддæмæ сын мацы ратт, сæ фæтæг-
тæ фидиссаг митыл бафтыдысты. 19Дымгæ
сæ куы ныффæйлауа, уæд сæ нывæндтæй
фефсæрмы уыдзысты.

**5** Байхъусут, сауджынтæ! Байхъусут, изра-
илæгтæ! Уæ хъус æрдарут, паддзахы галуа-
ны чи цæры, уыдон! Æнхъæлмæ уæм кæсы
тæрхон, уымæн æмæ Мицпайы уыдыстут
къæппæгау, Фаворы та — кæсагахсæн хызау.
2Змæнтджытæ сæ хъахбай миты анигъу-
ылдысты, æмæ Æз се ’ппæты дæр бафхæр-
дзынæн. 3Æз зонын Ефремы, Израилы дæр
уынын: схъахбай дæ, Ефрем; йæхи фæчъизи
кодта Израил.
4Се ’лгъаг митæй сæ не ’вдæлы Хуыцау-
мæ, уымæн æмæ хъахбайдзинад сæ туджы
ахызти, Дунедарæджы нæ базыдтой.
5Израилы ныхмæ æвдисæн лæууы йæ
хирвæссондзинад. Израил æмæ Ефремы
сæ тæригъæдтæ бабын кæндзысты, Иудæ
дæр бабын уыдзæни семæ. 6Сæ фысвос æмæ
се стуртимæ Дунедарæджы агурæг зилдзыс-
ты, фæлæ Йæ не ссардзысты, уымæн æмæ
сæ Уый ныууадздзæни. 7Дунедарæгыл сæ
зæрдæ сивтой, уымæн æмæ дзæгъæлзад
цот ныййардтой. Сæ мæйногтæ сæ ныр æд
зæххытæ аныхъуырдзысты.
8Сыкъæуадындзæй ныууасут Гевæйы, хæ-
тæлæй — Рамæйы, ныффæдис кæнут Бет-
Авены: «Дæ фæдыл, Бениамин!»
9Мæ азары бон Ефрем æдзæрæг быдыр
фестдзæн. Уый Израилы хæдзарвæндæгты
’хсæн хъусын кæнын Æз. 10Иудæйы фæтæг-
тæ искæй ауæдзыл фалдæр кæй ахæцынц,
уый тыххæй сыл Æз Мæ маст ныккалдзы-
нæн донау! 11Ссæст у Ефрем, æфхæрд бай-
йæфта тæрхонæй — гуымирыты фæдыл
адзæгъæл ис. 12Æз рæмпæг фестдзынæн
Ефремæн, Иудæйæн йæ хъæдгæмтты цъæй
миздзæн.

13Ефрем федта йæ низ, Иудæ — йæ хъæд-
гом. Уæд Ефрем ацыдис Йаревмæ, Ассирийы
паддзахмæ, фæлæ йын уымæн ницы у йæ
бон, йæ низæй йæ нæ фервæзын кæндзæни.
14Уымæн æмæ Æз домбайау Мæхи ныццæв-
дзынæн Ефремыл, домбайы лæппынау — Иу-
дæйыл, фæлæбурдзынæн сæм, аскъуыдтæ
сæ кæндзынæн æмæ сæ ничи фервæзын
кæндзæни. 15Фæстæмæ раздæхдзынæн Мæ
бынатмæ, цалынмæ сæ азым æрæмбарой
æмæ Мæ æрцагурой, уæдмæ.

**6** Хъизæмар куы кæной, уæд Мæ сæумæйæ
агурдзысты: «Цомут, Дунедарæгмæ раздæ-
хæм — Уый ныл низ бафтыдта, æмæ нæ Уый
Йæхæдæг сæнæниз скæндзæни, Уый нæ
æрцавта, æмæ нын нæ хъæдгæмттæм дæр
Уый базилдзæн. 2Дыууæ бонмæ нæ царды

тых бауадздзæн, æртыккаг бон нæ слæууын
кæндзæн нæ къæхтыл, æмæ цæрдзыстæм
Йæ разы.
3Уæдæ нæ уд хъарæм, Дунедарæджы базо-
нынмæ тырнæм: Уый нæм раргом уыдзæн сæ-
уæхсидау, фæзындзæн нæм къæвдайау, зæх-
хæн йæ дойны суадздзæни тæрккъæвдайау».
4Цы дын бакæнон, Ефрем? Цы дын ба-
кæнон, Иудæ? Райсомы мигъ æваст куыд
фæцыдæр вæййы æмæ сæууон æртæх куыд
тагъд æрбайсæфы, уый æнгæс у уæ рæстад.
5Уый аххосæй уæ Æз Мæ пехуымпарты дзы-
хæй цавтон, Мæ дзыхы дзырдæй уæ мардтон.
Хурыскастау ссыгъди уæ сæрмæ Мæ тæрхон.
6Уымæн æмæ Мæ нывонд нæ хъæуы, фæлæ
уарзæгой зæрдæ, иууылсудзинаг нæ, фæ-
лæ — Хуыцауы базонын. 7Уыдон та Адамау
фехæлдтой фидыд, сивтой Мыл сæ зæрдæ.

8Галаад — æнæхуыцæутты сахар, туга-
мæст. 9Абырджытæ искæй размæ куыд баба-
дынц, афтæ Шехеммæ фæндагыл сауджынтæ
адæмы марынц æмæ æлгъаг митæ кæнынц.
10Израилы хæдзары стыр диссæгтæ уынын:
фехæлди Ефрем, фæчъизи ис Израил. 11Дæ-
уæн дæр, Иудæ, сар дæ сæр кæны, Æз Мæ
адæмы уацарæй фæстæмæ куы раздахон,
уæд.

**7** Израилы йæ низæй куы дзæбæх кодтон,
уæд рабæрæг сты Ефремы тæригъæдтæ, Са-
марийы фыдракæндтæ, уымæн æмæ мæн-
гард митæ кæнынц; хæдзæрттæм лæбурынц
æмæ уынгты адæмы стигъынц. 2Уыдонæн
сæ хъуыдыйы дæр нæй, сæ фыдракæндтæ
Мæ рох кæй не сты, уый. Сæ хъуыддæгтæ сæ
алыварс æртыхстысты, нæ бамбæхсдзысты
Мæнæй!
3Сæ фыдракæндтæй паддзахы зæрдæ ба-
хъæлдзæг кæнынц, сæ фæливæнтæй ирхæф-
сынц сæ фæтæгты. 4Се ʼппæт дæр схъахбай
сты, хыссæ цалынмæ хердмæ цæуы, уæдмæ
кæрдзынгæнæг цы зынг пец фæуадзы, уы-
йау — арт цырен кæнын нал хъæуы!
5Нæ паддзахы бæрæгбоны æлдæрттæ
уый бæрц сæн бануæзтой, æмæ рынчынты
хуызæн систы, паддзах та уыцы цъаммар-
тæм йæ къух бадардта. 6Уымæн æмæ уы-
дон цъæх арт уадзынц кæрдзынгæнæджы
пецау, мæнгарддзинадæй семыдзаг сты:
æхсæвыгон сæхи æвдисынц зæрдæхæларæй,
райсомæй та сæ фыдæх пецау ссудзы. 7Се
ʼппæт дæр пецау сзынг сты æмæ сæ тæр-
хонгæнджыты ныхъуырынц. Паддзæхтæ
сæ амæттаг фесты, фæлæ сæ иу дæр Мæн
нæ агуры. 8Ефрем иннæ адæмтимæ йæхи
сбаста. Ефрем сси, æрфæлдахын кæй ферох
кодтой, уыцы кæрдзынау. 9Æцæгæлæттæ
йын йæ хъару басастой, уый та йæ æмбаргæ
дæр нæ кæны. Йæ сæрыхъуынтæ сурс сты,
уый та йæ нæ фиппайы. 10Израилæгтæн
сæ хирвæссондзинад сæ ныхмæ æвдисæн
лæууы, фæлæ уæддæр Дунедарæгмæ, сæ
Хуыцаумæ, нæ раздæхтысты æмæ Йæ не
ʼрцагуырдтой.
11Ефрем æдылы æхсинæгæй уæлдай нæу:
куы Мысырмæ сиды, куы та Ассиримæ фæ-
цæйцæуы. 12Куы араст уой, уæд сыл Æз Мæ
ахсæн хыз баппардзынæн, уæларвон мæргъ-
тау сæ расхойдзынæн дæлæмæ; бафхæр-
дзынæн сæ, дзыллæйы раз сын куыд загъ-
дæуыди, афтæ.
13Додой сæ къона, кæй Мæ ныууагътой,
уый тыххæй! Мæ ныхмæ кæй сыстадысты,
уый аххосæй бабын уыдзысты! Æз-иу сæ
фервæзын кодтон, уыдон та Мæн тыххæй
мæнг ныхæстæ дзырдтой! 14Зæрдиагæй Мæм
кувыны бæсты сæ хуыссæнуæтты æрдиаг
кодтой; къæбæр æмæ сæны тыххæй æрæм-
бырд вæййынц, Мæнæй та се ʼргом аздæхтой.
15Æз сын зонд амыдтон æмæ архайдтон,
цæмæй фæфидардæр уой, ууыл, уыдон та
фыдвæндтæ арæзтой Мæ ныхмæ. 16Се ʼргом
здахынц, фæлæ Иууылбæрзондмæ нæ! Чи
ныззылын æмæ йæ мысаныл чи нæ сæмбæлы,
ахæм фаты хуызæн систы. Сæ къæйных ны-
хæсты тыххæй се ʼлдæрттæ карды амæттаг
бауыдзысты, æмæ сыл мысырæгтæ сæхи
худæгæй хæсдзысты.

**8** Сыкъауадындзæй ныуурас! Хъæрццыгъа-
йау йæхи ныццæвдзæн знаг Дунедарæджы
адæмыл, уымæн æмæ Мæ Фидыды сæрты
ахызтысты, Ме ʼГъдауы ныхмæ сыстадысты.
2Дзыназдзысты Мæм: «О нæ Хуыцау! Мах
израилæгтæ стæм. Мах базыдтам Дæу».
3Израилæн хорздзинад бæсты нæ цæуы,
æмæ знаг зилдзæни йæ фæдыл. 4Ме ʼвас-
тæй сæхицæн паддзæхтæ сæвæрдтой, æнæ
Мæн бафæрсгæйæ равзæрстой фæтæгтæ.
Се ʼвзист æмæ сæ сыгъзæринæй сарæзтой
гуымирытæ — се сæфт уырдыгæй рацыди.
5Самари, Æз дын дæ гуымирыйы нæ айс-
тон! Мæ маст уæм судзы: кæд ссыгъдæг уы-
дзыстут? 6Уый дæр та Израилы хъуыддаг у:
хуыцау нæу — æрмдæсныйы конд; базгъæ-
лæн уыдзæн Самарийы гуымиры.
7Дымгæ кæм байтыдтой, уым уад æр-
кæрддзысты. Сæ хуымы æфсиртыл иу
нæмыг дæр куынæ уа, уæд æнæ хорæй

баззайдзысты. Куы уа, уæд та — æцæгæ-
лæттæн хæринаг.
8 Аныхъуырдтой Израилы, æмæ ныр æн-
дæр адæмты ’хсæн израилæгтæ æнæпайда
мигæнæнау суыдзысты.
9 Иунæгæй чи хъеллау кæны, уыцы хъæд-
даг хæрæгау ацыдысты Ассиримæ, æмæ
Ефрем зæрдæлхæнæн лæвæрттæ кодта.
10 Фæлæ адæмтæн цыфæнды лæвæрттæ
куы уарой, уæддæр сæ Æз æрæмбырд
кæндзынæн тæрхонмæ, æмæ хъомыс-
джын паддзахы æфсондзы бын хъизæ-
марæй мæлдзысты. 11 Уымæн æмæ бирæ
нывондхæссæнтæ саразта Ефрем, фæлæ
йын уыдон фæахъаз сты æрмæст тæри-
гъæды бацæуынæн. 12 Æз ын ныффыстон
Мæ ахсджиаг æгъдæуттæ, фæлæ сæ уый
æнæхъæугæйыл банымадта.
13 Нывæндтæ мын æрхæссынц æмæ сын сæ
дзидза хæрынц, фæлæ сын сæ Дунедарæг нæ
айсы. Уый сын æрхъуыды кæндзæн сæ тæ-
ригъæдтæ, бафхæрдзæн сæ, æмæ Мысырмæ
раздæхдзысты.
14 Израил йе Сфæлдисæджы ферох кодта
æмæ галуантæ фæцарæзта. Иудæ дæр быру-
тæй æхгæд сахартæ бирæ саразта, фæлæ сæ
Æз арты хай бакæндзынæн, æмæ сын уыцы
арт аныхъуырдзæн сæ галуантæ.

**9** Израил, иннæ адæмтау цин ма кæн,
уымæн æмæ ды ферох кодтай дæ Хуыца-
уы, хъахбай митыл бафтыдтæ æмæ хæтаг
сылау алы мусы хъахбайты мызд æмбырд
кæныс. 2 Фæлæ мус æмæ сæндуцæн фы-
дæнхъæл фæкæндзысты адæмы, ног сæн
сæ фæсайдзæни. 3 Уыдон Дунедарæджы
зæххыл нал цæрдзысты. Ефрем раздæх-
дзæни Мысырмæ, æмæ Ассирийы чъизи
хойраг хæрдзысты. 4 Дунедарæджы номыл
нал æркалдзысты сæн, сæ нывæндтæ Йын
нал уыдзысты æхцон, хæрнæджы хойрагау
суыдзысты — чи дзы фæхъæстæ уа, уый
фæчъизи уыдзæн. Сæ хойраг æрмæст —
сæхи бафсадынæн, Дунедарæджы размæ
йын хæссæн нæй.
5 Цы ми кæндзыстут уæ бæрæгбæтты, Ду-
недарæджы бæрæгбон куы ’рхæццæ уа, уæд?
6 Фыдбылызæй куы аирвæзат, уæд уæ Мысыр
суазæг кæндзæн, Мемфис та уæ ингæны хай
бакæндзæн. Уе ’взист дзауматæ пысырайы
бын фæуыдзысты, уæ цæрæнтæ какон сын-
дзæй нал зындзысты.
7 Тæрхоны бонтæ æрхæццæ сты, тæригъæд-
тæ фидыны рæстæг æрцыд — уадз æмæ уый
базона Израил!
Сымах пехуымпары æдылыйыл ныма-
йут, Хуыцауы Удæй хайджын чи у, уый
та — æнæзондыл, тæригъæдджын кæй стут
æмæ уе ’нæуынондзинад стыр кæй у, уый
тыххæй.
8 Мæ Хуыцауы пехуымпар Ефремæн
у йæ хъахъхъæнæг, фæлæ йæ алы фæн-
дагыл дæр — ахсæн хызтæ, йæ Хуыцауы
хæдзары — æнæуынондзинад.
9 Фехæлдысты бынтондæр, раст Гевæйы
куыд уыд, афтæ. Хуыцау сын се ’нæхуыцау
митæ æрхъуыды кæндзæн, сæ тæригъæдты
тыххæй сæ бафхæрдзæн.

10 «Æдзæрæг быдыры сæнæфсирау Æз
ссардтон Израилы, сæ фыдæлтæ Мын уы-
дысты легъуи бæласы фыццаг дыргъæу.
Фæлæ Баал-Пеормæ куы ацыдысты æмæ
сæхи уыцы æлгъаг гуымирыйæн куы сны-
вонд кодтой, уæд сæхæдæг дæр сæлгъаг
сты уыйау.
11 Ефремæн йæ цотамонд атæхдзæни мар-
гъау: сылгоймаг нал аргæ ныккæндзæн, нал
сывæрджын бауыдзæн æмæ йæм нал гуырдз
фæзындзæн. 12 Сабитæ куы схæссой, уæд дæр
сын се ’ппæты дæр байсдзынæн. Додой сæ
къона, Æз сыл Мæхи куы атигъ кæнон, уæд!
13 Фыццаг æй куы федтон, уæд Ефрем уыди
тыгъд быдыры сагъд бæласау, фæлæ ныр йæ
зæнæджы марынмæ ратдзæни».

14 О, ратт сын, Дунедарæг, — цы Дæ ракурон
æз уыдонæн? — æнæзæнæг сæ скæн, мады
æхсыр ма фенæд сæ хъæстæ!

15 «Гилгалы райдыдтой сæ фыдмитæ. Уым
Мын фенæуынон сты. Сæ тæригъæдты тых-
хæй сæ Æз Мæ Хæдзарæй фæсурдзынæн, нал
сæ уарздзынæн — сæ фæтæгтæ мыл атигъ
кодтой сæхи.
16 Афæлдæхтой Ефремы! Йæ уидаг бахус,
æмæ дыргъ нал ратдзæн. Цот ма куы рауа-
дзой, уæд дæр сын Æз сæ уарзон хъæбулты
мæлæты амæттаг бакæндзынæн».
17 Мæ Хуыцау Йе ’ргом аздахдзæни уыдо-
нæй, уымæн æмæ Йæм нæ хъуыстой. Адæм-
ты ’хсæн ныххæлиу уыдзысты.

**10** Израил — зад сæнæфсиры зæнг, гагаты
бынæй нал зыны. Йæ дыргътæ цас фылдæр
кæнынц, уыйас фылдæр нывондхæссæнтæ
аразы. Йæ зæхх цас сойджындæр кæны, уы-
йас фылдæр — йæ табуйаг дуртæ.
2 Фыдæнхъæл фесты æмæ ныр æф-
хæрд баййафдзысты. Дунедарæг сын сæ

нывондхæссæнтæ ныппырх кæндзæн, сæ
табуйаг дуртæ сын фесафдзæн. 3Нырма уал
зæгъынц: «Паддзах нын нæй, уымæн æмæ
мах Дунедарæгæй нæ тæрсæм. Æниу ма нын
паддзах дæр цы сараздзæн?»
4Æнæпайда ныхæстæ кæнынц; мæнг со-
мытæ кæнгæйæ, сфидар кæнынц сæ ба-
дзырдтæ. Фæлæ, гутонвæды маргджын
хæмпæлгæрдæг куыд æрзайы, уыйау тала-
тæ суадздзæни сæ раст тæрхон. 5Нырриз-
дзысты Самарийы цæрджытæ Бет-Авены
гуымирыйы тыххæй. Йæ кувджытæ æмæ
йæ дзуарылæгтæ йыл хъынцъым кæндзысты,
йæ кад куы æрбайсæфа, уæд. 6Гуымиры-
йæн йæхи та аласдзысты Ассиримæ — стыр
паддзахæн лæварæн. Ефрем худинаджы
бын фæуыдзæн, Израил йæ фыдвæндты
тыххæй къæмдзæстыгæй баззайдзæн. 7Са-
мари æмæ йæ паддзах фесæфдзысты, доны
сæрмæ доны фынк куыд æрбайсæфы, уыйау.
8Израилæгты тæригъæдæн æвдисæн цы
уаз къуыппытæ сты, уыдон æрцæудзысты
дæрæнгонд, какон сындз æмæ хæмпæлгæр-
дæгæй нал зындзысты сæ нывондхæссæнтæ.
Хæхтæм дзурдзысты: «Æрæмбæрзут нæ!»,
къуыбыртæм: «Æркæлут ныл!»
9Гевæйы заман цы тæригъæд ракодтай,
уымæй ныр стырдæр тæригъæды бацыд-
тæ, Израил!
Фервæзтысты уым, æнæхуыцæутты ных-
мæ хæст куы цыди, уæд баззадысты æвы-
дæй. 10Æз сæ Мæ фæндонмæ гæсгæ баф-
хæрдзынæн: сæ ныхмæ хæцынмæ адæмтæ
æрбамбырд уыдзысты æмæ сыл хъадамантæ
бакæндзысты — дывæрæй тæригъæды кæй
бацыдысты, уый тыххæй.
11Ефрем — æрмахуыр гал, най кæныныл
ахуыр у. Æз ын Мæхæдæг йæ нард бæрзæйыл
æфсондз сæвæрдзынæн æмæ йæ баифтындз-
дзынæн. Иудæ хуым кæндзæни, Йаков та
похци ласдзæн.
12Рæстдзинад таут æмæ уæхицæн хорзæх
æркæрдат. Æгайнæг зæхх афæлдахут, уымæн
æмæ Дунедарæджы æрцагурынæн афон
у, цæмæй, куы 'рцæуа, уæд уыл рæстады
къæвда æруадза.
13Сымах бахуым кодтат тæригъæд æмæ æр-
карстат фыддзинад, мæнгдзинады дыргътæ
хордтат. Уымæн æмæ уæхи фæндыл, уæ бирæ
хæстонтыл дардтат уæ зæрдæ. 14Уымæ гæс-
гæ уæ адæм сызмæнтдзысты, уæ фидæрттæ
иууылдæр ныппырх уыдзысты, Шалман Бет-
Арвел куы ныддæрæн кодта æмæ мадæлты
сæ цотимæ куы мардтой, уæд куыд уыдис,
афтæ. 15Уый уын фæпайда уыдзæн Вефил уе
стыр фыдракæндты тыххæй. Куыддæр хур
скæса, афтæ Израилы паддзах бабын уыдзæн.

**11** «Израил ма саби уыди, афтæ йæ бауарз-
тон Æз, Мысырæй рахуыдтон Мæ фырты.
2Цас фылдæр сидтæн израилæгтæм, уыйас
мæ сæхи дарддæр ластой, нывæндтæ хастой
Баалтæн æмæ буд сыгътой гуымирытæн.
3Æз къахæй цæуын сахуыр кодтон Ефремы,
Мæ къухтыл æй хастон, уый та æмбаргæ дæр
нæ кодта, Æз æй кæй дзæбæх кæнын, уый.
4Зæрдæхæларæй, уарзгæйæ сæ размæ код-
тон. Сæ бæрзæйæ сын се 'фсондз систон,
æргуыбыр сæм кодтон, цæмæй сæ бафсадон,
уый тыххæй.
5Мысырмæ сын аздæхæн нал ис, фæлæ
Ассири суыдзæни сæ паддзах, уымæн æмæ
сæхи атигъ кодтой Мæныл. 6Сæ сахартæ
карды амæттаг бауыдзысты, сæ кулдуæртты
æвдузæнтæ сын ныппырх кæндзысты, сæ
фыдвæндтæн кæрон æрцæудзæни.
7Се 'ргом Мæ аздæхтой мæ адæм, фæс-
тæмæ раздæхын сæ хъуыдыйы дæр нæй.
Цæмæй Иуууылбæрзондмæ се 'ргом раздахой,
уый тыххæй сæм пехуымпартæ сидынц,
фæлæ Йын кад ничи кæны.
8Куыд дæ ныууадзон, Ефрем? Гадзрахатæй
дыл куыд рацæуон, Израил? Адмæйæн ци
ми бакодтон, ахæм ми уын куыд бакæнон?
Цевоимæн цытæ бакодтон, уыдæттæ уын
куыд бавзарын кæнон?
Мæ зæрдæ фæйнæрдæм тоны, тынг уын
тæригъæд кæнын. 9Мæ судзгæ масты фæдыл
нæ ацæудзынæн, нæ фесафдзынæн Ефремы.
Уымæн æмæ Æз уе 'хсæн адæймаг нæ, фæ-
лæ Хуыцау дæн. Æз дæн Уаз æмæ сахармæ,
фыр мæстæй судзгæйæ, нæ бацæудзынæн».

10Дунедарæг домбайау куы ныррыха, уæд
рацæудзысты Йæ фæдыл, Йæ рыхын куы
райхъуыса, уæд Æм Йæ фырттæ ныгуылæ-
нæй фæзындзысты. 11Æрбатæхдзысты йæм
мæргътау Мысырæй, бæлæттау — Ассирийæ,
æмæ сæ Æз сæ хæдзæртты æрцæрын кæн-
дзынæн, — зæгъы Дунедарæг.
12Ефрем Мыл хинæй цæуы, Израил — сай-
дæй, фæлæ Иудæ Хуыцауимæ ис, Уаз Хуы-
цауыл йæ зæрдæ нæ ивы.

**12** Ефрем хизы дымгæ, скæсæйнаг дым-
гæйы фæдыл зилы, бонæй-бонмæ фылдæр
кæнынц мæнгдзинад æмæ тыхми.
Ассирииимæ цæдисонтæ систы, оливæ-
йы сой æрвитынц Мысырмæ. 2Фæлæ Ду-
недарæг Иудæимæ дæр тæрхон кæны. Уый

Йаковы йæ фæндæгтæм гæсгæ бафхæрдзæн,
йæ хъуыддæгтæм гæсгæ йын бафиддзæн.
3Йæ мады гуыбыны дæр йе ’фсымæры зæ-
вæтмæ лæбурдта, куы бахъомыл ис, уæд та
Хуыцауимæ хъæбысæй хæцыд. 4Уый зæди-
мæ хæцыд æмæ фæуæлахиз, лæгъстæ йын
кодта, йæ цæссыг калгæйæ. Дунедарæг æй
ссардта Вефилы æмæ уым ныхас кодта немæ.
5Дунедарæг та у Уæларвæфсады Бардарæг,
Дунедарæг — Йæ ном.
6Уæдæ раздæх дæ Хуыцаумæ, Йæ хорзæх
æмæ Йын Йæ раст тæрхоныл æууæнд, дæ
зæрдæ дар кæддæриддæр Хуыцауыл.
7Хананейаг йæ сайаг тæрæзтимæ уарзы
æфхæрын, 8Ефрем та дзуры: «Схъæздыг
дæн æз, бирæ мулк æрæмбырд кодтон, фæ-
лæ мæ къухы цыдæриддæр бафтыд — ни-
цы фыдракæнд, ницы тæригъæд мæм ис!»
9Фæлæ Æз, Дунедарæг, Мысыры зæххыл ма
куы уыдыстут, уæдæй абоны онг дæн дæ
Хуыцау, æмæ дæ Æз, бæрæгбоны-иу куыд
уыдис, афтæ ногæй халагъудты æрцæрын
кæндзынæн. 10Æз пехуымпартæн хъусын
кодтон Мæ ныхас, бирæ цæстылуайæнтæ
сын æвдыстон, пехуымпарты уылты æм-
бисæндтæ хастон.
11Галаады фæзынди фыддзинад, йæ цæр-
джытæ дзæгъæл змæлдыл систы. Гилгалы
нывондæн хастой галтæ, фæлæ сæ нывонд-
хæссæнтæ, быдыры ауæдзыл цы дуррæ-
дзæгъдтæ самайынц, уыдонау суыдзысты.
12Йаков алыгъди Сиримæ, ирæды сæрмæ
фыййауæй фæцыди Израил. 13Пехуымпары
руаджы Дунедарæг Израилы ракодта Мысы-
рæй, пехуымпары руаджы йыл дардта Йæ
арм. 14Ефрем тынг смæсты кодта Дунедарæ-
джы йæхимæ, æмæ йын Дунедарæг, цы туг
ныккалдта, уый тыххæй аккаг фæуыдзæни,
фидиссаг æй фæкæндзæн.

**13** Ефремæн-иу йæ ныхас куы райхъу-
ыст, уæд-иу адæмыл ризæг бахæцыд. Стыр
кад ын уыд Израилы, фæлæ Баалы тыххæй
азымджын фæци æмæ бабын ис.
2Сæ тæригъæдтæ фæфылдæр сты ныр: се
’взистæй сæхи хъуыдымæ гæсгæ саразынц
гуымирытæ, иууылдæр — æрмдæсныйы
къухвæллой. Æмæ, нывæндтæ чи хæссы,
уыдонæн фæзæгъынц, гуымирыйæн аба
кæн, зæгъгæ. 3Уымæ гæсгæ уыдон райсомы
мигъæй, æртæхæй уæлдай нал уыдзысты;
мусы зыгуымау, тохынайы фæздæгау æр-
байсæфдзысты. 4Фæлæ Æз дæн Дунедарæг,
Мысырæй ардæм — уæ Хуыцау. Мæн йеддæ-
мæ уын æндæр хуыцау æмæ ирвæзынгæнæг
нæй. 5Æз уыл аудыдтон æдзæрæг быдыры,
хурсыгъд зæххыл.
6Уыгæрдæн сæ къухы куы бафтыд æмæ
куы бафсæстысты, уæд схъæл сты. Рох дæр
Мæ уымæн фæкодтой. 7Уæдæ сын Æз суы-
дзынæн домбайау, сæ размæ бабаддзынæн
фыранкау. 8Мæхи-иу сыл ныццæвдзынæн,
Йæ лæппынты кæмæн байсынц, уыцы мадæл
арсау, сæ риутæ сын рæдувдзынæн фæйнæр-
дæм, ныхъуырдзынæн сæ мадæл домбайау,
хъæддаг сырдтæ сæ аскъуындзысты.
9Дæхи бабын кодтай, Израил, уымæн æмæ
Мæ ныхмæ, дæ иунæг æххуысгæнæджы
ныхмæ, рацыдтæ.
10Кæм ис ныр уæ паддзах, цæуылнæ уæ
фервæзын кæны уæ алы сахары дæр? Кæм
сты уæ тæрхоны лæгтæ, афтæ кæй тыххæй
дзырдтат: «Ратт нын паддзах æмæ фæтæг-
тæ». 11Мæ маст уæм куы рафыхт, уæд уын
паддзахы радтон æмæ, куы смæсты дæн,
уæд уын æй фæстæмæ айстон.
12Рох нæу Ефремы фыдракæнд, йæ тæри-
гъæд нæ ферох ис. 13Йæ арын афон æрхæццæ
кæны, фæлæ æнæмбаргæ сывæллон у, æмæ
йын не ’нтысы ныййарын. 14Æз сæ бахиз-
дзынæн зындонæй, мæлæтæй сæ фервæзын
кæндзынæн. Мæлæт, кæм ис дæ маргæвзаг?
Зындон, кæм ис дæ уæлахиз? Тæригъæд
нæ зондзынæн Æз. 15Йе ’фсымæртæй уал
амондджындæр зынæд, фæлæ æдзæрæг
быдырæй фæзындзæн скæсæйнаг дымгæ,
Дунедарæджы дымгæ, æмæ йæ суадоны
цæст бахус уыдзæн, йæ донгуырæн æрбай-
сæфдзæн; йæ хæзнадоны йын иунæг хæзна
дæр нал ныууадздзæн.

**14** Самари баййафдзæнис æфхæрд, уымæн
æмæ йæ Хуыцауы ныхмæ сыстади. Йæ адæм
карды амæттаг фæуыдзысты, сæ сабиты сын
уæнггай скæндзысты, сывæрджын сылгой-
мæгтæн сæ гуыбынтæ акъæртт кæндзысты.
2Израил, раздæх дæ Хуыцаумæ, уымæн
æмæ дæ тæригъæдты тыххæй сæфыс.
3Скувут Дунедарæгмæ æмæ Йын зæгъут:
«Ныббар нын нæ тæригъæдтæ æмæ нын айс
нæ куывд, нæ дзыхы ныхас Дын æрхæсдзыс-
тæм нывондæн. 4Ассири мах нæ фервæзын
кæндзæни, нал сбаддзыстæм бæхтыл æмæ,
нæхи къухæй кæй сарæзтам, уыдоны нæ
хуыцæуттæ нал схондзыстæм. Сидзæртæ
Дæ хорзæхæй схайджын вæййынц».

5«Сæ гадзрахатæй сæ Æз сæнæниз кæндзы-
нæн æмæ сæ Мæ фæндонмæ гæсгæ бауарз-
дзынæн, уымæн æмæ сæм нал мæсты кæнын.

6Æз Израилæн суыдзынæн æртæхау, æмæ
дидинæг скалдзæни кæркусæгау, ливай-
наг кедрау йæ уидæгтæ ауадздзæни зæххы.
7Алы ран сзайдзысты йæ талатæ, срæсугъд
уыдзæн оливæ бæласау, Ливаны бæлæстау
йæ хæрздæф уæлдæфы хъардзæн.
8Йæ быны чи царди, уыдон раздæхдзысты
фæстæмæ, хорарæхæн суыдзæни сæ цард,
сæнæфсиры зæнгау дидинæг скалдзысты,
Ливаны сæнау сæ кой айхъуысдзæни дардыл.
9Ефрем, гуымирытимæ Мæнæн иумæйа-
гæй цы ис? Сымах тыххæй дзуапп дæр Æз
дæттын æмæ уыл мæт дæр Æз кæнын. Æз
дæн, æдзух цъæх чи дары, уыцы кипарисау,
уæ бæркад рацæуы Мæнæй». 10Куырыхон
чи у, уый уыдæттæ бамбарæд, æмбаргæ
чи у, уый сæ базонæд. Дунедарæгæн раст
сты Йæ фæндæгтæ, æмæ сыл рæстуд-
тæ цæудзысты, æнæхуыцæуттæ та сыл
фæкæлдзысты.

# Пехуымпар Иоелы чиныг

Йæ чиныджы фыццаг дыууæ сæры пехуымпар Иоел æвдисы, йæ бæстæйы хус рæстæг куы скодта æмæ йыл мæтых-зæй куы рацыди, уыцы фыд заман. Афтæ йæм кæсы, цыма мæтыхтæ сты Хуыцауы фæндæй æрвыст æфсæдтæ, сæ фæндагыл алцы куынæг чи кæны, уыдон. Кæнæ та, чи зоны, ацы чиныджы, йæ фæстæ иунæг цъæх хал дæр чи нæ уадзы, мæтыхты уыцы бæзджын мигъы хуызы æвдыст цæуы ассириаг кæнæ æндæр знаджы æфсад. Зын зæгъæн у уый бæлвырдæй, фæлæ цыфæндыйæ дæр пехуымпар израилæгтæм хæццæ кæны Хуыцауы сидт, цæмæй сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кæной. Ноджы сын хъусын кæны Йæ зæрдæбавæрд, семæ хæлар ахастдзинæдтæ кæй сног кæндзæн, уый тыххæй.

Мæтыхтæ, Хуыцауы Тæрхоны бон цы 'рцæудзæнис, уымæн æрмæст йæ разæнкъарæн сты. Уыцы рæстæг Хуыцау æппæт адæмтæй дæр дзуапп æрдомдзæни, Йе 'взæрст адæмæн ын цы фыд ракодтой, уый тыххæй. Аххосджынтæ æфхæрд æрцæудзысты, Хуыцауы адæм та стыр арфæтæ райсдзысты.

---

**1** Дунедарæг Петуелы фырт Иоелæн загъ-
та: 2«Байхъусут, дзыллæтæ! Ацы бæстæйы
æппæт цæрджытæ, байхъусут лæмбынæг!
Ахæм хъуыддаг уæ заманы кæнæ уæ фы-
дæлты дуджы искуы æрцыди? 3Цы фехъусат,
уыдæттæ-иу радзурут уæ цотæн, цот — сæ
зæнæджы зæнæгæн, цоты цот та — ног фæл-
тæрæн. 4Иу бал иннæйы фæдыл тæхынц
мæтыхтæ. Фыццаг æрдонгæй цы аирвæзти,
уыдон аныхъуырдтой дыккаг æмæ æртык-
каг балтæ; уыдонæй ма цы аирвæзт, уый
та — цыппæрæм.
5Райхъал ут, расыггæнджытæ! Сæн уарз-
джытæ, кæут æмæ дзыназут, уымæн æмæ
сæны хъæстæ нал фæуыдзыстут. 6Мæ зæх-
мæ æрбабырстой æнæнымæц æмæ тых-
джын адæм. Сæ дæндæгтæ сты домбайы
дæндæгтау, се 'фсæртæ — домбайы æф-
сæртау. 7Мæ сæндон мын сафтид кодтой,
Мæ легъуи бæлас Мын æрсастой. Йæ цъар
ын растыгътой æмæ йæ фехстой, сурс сты
йæ къалиутæ.
8Æрыгон чындзау дæ уæлæ скæн сæхъис
æмæ дзыназ, æвзонгæй дын цы мой уыд,
ууыл! 9Дунедарæджы хæдзармæ сæн æмæ
хойраджы хуынтæ нал хæссынц, хъарæг
кæнынц сауджынтæ, Дунедарæджы лæггад-
гæнджытæ. 10Сафтид ис быдыр, æмæ зæхх
додой кæны, уымæн æмæ хор нал ис, сæн
байсыст, оливæ бæлæстæ бахус сты.
11Къæмдзæстыгæй лæуут, зæхкусджытæ,
ныддодой кæнут, сæндондартæ, мæнæу
æмæ хъæбæрхорыл ныккæут, уымæн æмæ
быдырты бæркад фесæфтис.
12Сæнæфсиртæ æмæ легъуи бæлæстæ,
гранатæй, пальмæйæ, фæткъуыйæ — иу-
уылдæр бахус сты быдыры, æмæ адæм цин
нал кæнынц.
13Сауджынтæ, уæ уæлæ сæхъис скæнут
æмæ дзыназут! Додой кæнут, нывондхæс-
сæны лæггадгæнджытæ! Æрбацæут, мæ Ху-
ыцауы лæггадгæнджытæ, сæхъисты арвитут
уе 'хсæв! Уымæн æмæ уæ Хуыцауы хæдзармæ
сæн æмæ хойраджы хуынтæ нал хæссынц!
14Комдарæн бон снысан кæнут, фехъусын
кæнут, кадджын æмбырд кæй уыдзæнис,
уый. Ацы бæстæйы хистæрты æмæ йе 'ппæт
цæрджыты уæ Дунедарæг Хуыцауы хæдзары

æрæмбырд кæнут æмæ Дунедарæгмæ кувут
хъæрæй!»
15О, уыцы бон! Æрхæццæ кæны Дунеда-
рæджы Бон, Æппæтхъомысы гæныстонау
æрцæудзæн. 16Нæхи цæстæй йæ уынæм, сы-
дæй кæй мæлæм æмæ нæ Хуыцауы хæдзарæй
цин æмæ бæрæгбоны уынæр кæй нал цæуы,
уый? 17Хоры гагатæ зæххы бын бамбыдыс-
ты, сафтид сты хордæттæ, нæ къæбицтæ
ныппырх сты, уымæн æмæ хор нæй. 18Фос
богъ-богъ кæнынц, хизæнуат сын нал ис,
стонгæй мæлынц фысты дзугтæ.
19О Дунедарæг, Дæумæ дзыназын æз! Арт
аныхъуырдта æдзæрæг быдыртæ, басыгъта
бæлæстæ. 20Суанг Дæм сырдтæ дæр дзы-
назынц, уымæн æмæ дæттæ байсыстысты,
арт фесæфта æдзæрæг быдыры сæрвæттæ.

**2** Сионы хохыл сыкъауадындзтæй ныууа-
сут! Фæдисхъæр райхъуысæд Мæ уаз хохæй!
Зæххон цæрджытæ се 'ппæт дæр нырризæнт,
уымæн æмæ æрхæццæ кæны, æрбахæстæг ис
Дунедарæджы Бон. 2Уыцы бон талынг, мигъ
æмæ асæст у. Æнæнымæц æмæ тыхджын
адæм сæуæхсидау апырх уыдзысты хæхтыл.
Æнусты райдианæй ахæм адæм никуы уыдис
æмæ нæ уыдзæн. 3Сæ развæндагыл бæстæ
артау судздзæнис, сæ фæстæ арты 'взæгтæ
алцы ныхъуырдзысты. Сæ разæй зæхх —
Едемы дыргъдон, сæ фæстæ та — æдзæрæг
быдыр. Ничи аирвæздзæн уыдонæй. 4Сæ
хуыз — бæхты æнгæс, барджытау згъорынц
размæ. 5Æфсæнуæрдæтты гыбар-гыбурау
сæррæт кæнынц хæхты сæртыл; цыма арт
хъæмп фæныхъуыры, уыйау ныкъкъæр-
къæр кæнынц. Æнæнымæц æфсад хæстмæ
куыд рарæнхъ вæййы, уый æнгæс сты. 6Сæ
уындæй адæм фыр тæссæй нырриздзысты
æмæ сæ цæсгæмттыл туджы цъыртт нал баз-
зайдзæн. 7Хъæбысхæцджытау размæ быр-
сынц, хъæбатыр хæстонтау сахары сисмæ
сбырыдысты. Алчи дзы йæ фæндагыл цæуы,
æнæкъуылымпыйæ размæ лæгæрдынц. 8Кæ-
рæдзийы нæ хъыгдарынц, алкæмæн дæр
дзы ис йæхи фæндаг. Æрцытæ сыл æхсынц,
фæлæ сæ ничи бауромдзæн. 9Базгъордтой
сахармæ, ссыдысты къултыл, хæдзæрттæм
бырынц, хуыснæджытау бахызтысты рудз-
гуытæй. 10Арв æмæ зæхх сæнкъуысдзысты,
хур, мæй æмæ стъалытæ ныттар уыдзысты.
11Дунедарæгæн Йе 'фсады раз райхъуыс-
дзæни Йæ хъæлæс. Æнæнымæц, тыхджын
сты Йæ фæндон æххæстгæнджытæ, хъусынц
Ын Йæ ныхасмæ. Æвирхъау æмæ тынг тæс-
саг у Дунедарæджы бон! Чи бафæраздзæн?
12Фæлæ Дунедарæг ныр дæр ма зæгъы: «Раз-
дæхут Мæм зæрдиагæй, ком дарут, кæут
æмæ дзыназут, уæ уæлæ сæхъис скæнут.
13Уæ дарæс нæ, фæлæ уæ зæрдæтæ арæду-
вут фæйнæрдæм!» Раздæхут уæ Дунедарæг
Хуыцаумæ, уымæн æмæ Уый барон æмæ тæ-
ригъæдгæнаг, бирæбыхсаг æмæ хæларзæрдæ
у, фыдбылыз æруадзыны фæнд аивдзæнис
æхсызгонæй. 14Чи зоны, æмæ уын ныббара,
Йæ арфæйæ уæ схайджын кæна, æмæ та уæ
Дунедарæг Хуыцауы хæдзармæ сæн æмæ
хойраджы хуынтæ хæссат.
15Сыкъауадындзтæй ныууасут Сионы хо-
хыл, комдарæн бон снысан кæнут, фехъусын
кæнут, кадджын æмбырд кæй уыдзæнис,
уый. 16Фæсидут адæммæ, саразут æмбырд,
æрбахонут зæрæдты, сывæллæтты æмæ
дзидзидайты. Уадз, усгур рацæуа йæ уатæй,
чындз рахиза йæ хатæнæй. 17Сауджынтæ,
Дунедарæджы лæггадгæнджытæ, Кувæн-
доны бахизæн æмæ нывондхæссæны 'хсæн
дзыназæнт, лæгъстæ кæнæнт: «О Дунедарæг!
Ныххатыр кæн Дæ адæмæн! Дæ байзæдда-
джы худинагæй бахиз, цæмæй адæмты 'хсæн
хынджылæггаг ма фæуой æмæ, кæм ис сæ
Хуыцау, зæгъгæ, мачи зæгъа». 18Уæд Дуне-
дарæг фæтæригъæд кæндзæн Йæ зæххæн,
æркæсдзæнис Йæ адæммæ. 19Дзуапп сын
ратдзæнис æмæ зæгъдзæн Йæ адæмæн: «Хор,
сæн æмæ уын сой ратдзынæн, бафсаддзыстут
уæхи. Æцæгæлон адæмтæн уæ хынджы-
лæггаг никуыуал скæндзынæн. 20Цæгатæй
уæм чи 'рбабырста, уыдоны дæр æнæдон,
хус зæхмæ фæсурдзынæн, сæ раззагдæр
æфсад сын Мард денджызы фесафдзынæн,
фæсте сæ фæдыл чи 'рбацæуы, уыдоны та —
Зæххастæуы денджызы. Сæ мæрдты смаг
уæлдæфы ахъардзæн, уымæн æмæ бирæ
фыдбылызтæ сарæзтой».
21Ма тæрс, Мæ зæхх, цин кæн æмæ рай,
уымæн æмæ Дунедарæгмæ ис æппæт адæт-
тæ саразыны хъару. 22Ма тæрсут, цæрæ-
гойтæ — тыгъд быдыры сæрвæтты ногæй
кæрдæг æрзайдзæнис, бæлæстыл дыргътæ
фæзындзысты, легъуитæ æмæ сæнæфсиртæ
дыргъæй нал зындзысты.
23Сионы фырттæ, сымах дæр цин кæнут
уæ Дунедарæг Хуыцауыл, уымæн æмæ уын
Уый, цас æмбæлы, уый бæрц ратдзæн къæв-
датæ. Уалдзыгон æмæ фæззыгон къæвда-
тæ раздæрау æруарын кæндзæн сымахæн.
24Уæ хордæттæ байдзаг уыдзысты хорæй,
уæ сæндуцæнтæ — сæнæфсиры дон æмæ
сойæ. 25Мæтыхтæ æрдзæ-æрдзæтæй, Æз
уæм кæй арвыстон, уыцы стыр æфсад цы

азты бæркад бахордта, уый уын Æз бах-
хæст кæндзынæн. 26Уæхи бафсаддзыстут
æмæ стаудзыстут уæ Дунедарæг Хуыцауы
ном, уый бæрц диссæгтæ уын Чи саразта,
Уый, æмæ Мæ адæм мыггагмæ нал сæгад
уыдзысты. 27Уæд базондзыстут, Æз Израилы
’хсæн кæй цæрын, уый, æмæ Æз уæ Дунеда-
рæг Хуыцау кæй дæн æмæ æндæр хуыцау
кæй никуы ис. Æмæ Мæ адæм мыггагмæ
нæ фæхудинаг уыдзысты. 28Ахæм рæстæг
æрцæудзæн, æмæ Æз алкæй дæр схайджын
кæндзынæн Мæ Удæй, пехуымпариуæг кæн-
дзысты уæ фырттæ æмæ уæ чызджытæ, уæ
хистæртæ уындзысты Мæ лæвæрд фынтæ,
æмæ уæ лæппутæ та — цæстылуайæнтæ.
29Уыцы бонты суанг цагъарты — нæлгойма-
гæй, сылгоймагæй — Æз схайджын кæндзы-
нæн Мæ Удæй. 30Равдисдзынæн диссæгтæ
арв æмæ зæххыл: туг, арт æмæ фæздæджы
къуымбилтæ. 31Хур баталынг уыдзæн, мæй
туджы хуызæн суыдзæн Дунедарæджы стыр
æмæ æвирхъау Боны размæ. 32Æмæ Дуне-
дарæджы ном чидæриддæр ссара, уыдон
фервæздзысты: Сионы хохыл Йерусалимы,
адæмæй ма чи аирвæза, уыдон удæгасæй
баззайдзысты, Дунедарæг зæрдæ куыд ба-
вæрдта, афтæ. Дунедарæг кæмæдæриддæр
фæсида, уыдон фервæздзысты.

**3** Уыцы заман Æз Иудæ æмæ Йерусали-
мы уацайрæгты фæстæмæ сæ райгуырæн
зæхмæ раздахдзынæн. 2Æппæт адæмты
æрæмбырд кæндзынæн, Иосафаты дæл-
вæзмæ сæ æрбакæндзынæн æмæ сын Мæ
адæмы, Мæ исбоны, Израилы тыххæй сын
тæрхон кæндзынæн, уымæн æмæ сæ адæм-
ты ’хсæн ныххæлиу кодтой æмæ Мын Мæ
зæхх байуæрстой. 3Мæ адæмыл Мын хæлттæ
æппæрстой, æвзонг лæппуйы хæтаг сылыл
ивтой, чызджыты-иу сæныл ауæй кодтой
æмæ-иу нуæзтой.

4Тир, Сидон æмæ филистимæгты зæх-
хытæ! Цы ис уæ зæрды? Мæнæй хъавут уæ
маст райсынмæ? Уæ фыдвæндтæ уын цыбыр
рæстæгмæ Æз уæхиуыл æрцæуын кæндзы-
нæн, 5уымæн æмæ Мын Ме ’взист æмæ Мæ
сыгъзæрин, Мæ хæзнатæ, бахастат уæ гал-
уантæм. 6Сымах Иудæ æмæ Йерусалимы
адæмы бердзенæгтæн уæй кодтат, цæмæй сæ
хауæццаг фæкæнат сæ райгуырæн зæххæй.
7Кæдæм сæ ауæй кодтат, уыцы зæххæй сæ Æз
фæстæмæ ракæндзынæн, æмæ сын цы бав-
зарын кодтат, уыдæттæ уæхиуыл æрцæуын
кæндзынæн. 8Уæ фырттæ æмæ уæ чызджыты
уын иудейæгты къухтæм ратдзынæн, æмæ
сæ уыдон савайæгтæн, уæ зæххæй дард цы
адæм цæрынц, уыдонæн ауæй кæндзысты, —
зæгъы Дунедарæг.

9Ацы ныхæстæ æппæт адæмтæн фехъу-
сын кæнут. Уæхи сцæттæ кæнут хæстмæ!
Уæ сахъгуырдтæ тохы быдырмæ рацæуæнт!
10Уæ гутонтæ батайын кæнут æмæ сæ хъа-
матæ скæнут, уе ’хсырфытæй саразут æр-
цытæ. Хъару кæмæ нæй, уый зæгъæд: «Æз
дæн бæгъатыр!»

11Сæ алфамбылай цæрджытæ, фæтагъд
кæнут, иууылдæр æрбамбырд ут! Дуне-
дарæг, Дæ хæстонты ардæм ракæн! 12Уадз,
адæмтæ сыстой æмæ Иосафаты дæлвæзмæ
æрбацæуой. Æз уыцы ран æрбаддзынæн
æмæ тæрхон кæндзынæн сæ алыварс цæрæг
адæмтæн. 13Райсут уе ’хсырфытæ — кæрди-
наг бирæ ис! Фезмæлут! Сæндуцæнтæн сæн
сæ былтæй кæлы, зæхх адæмы тæригъæдтæ
нал уромы. 14Æрæмбырд сты æнæнымæц
адæм, уымæн æмæ Дунедарæджы Бон æр-
баввахс ис Тæрхоны дæлвæзы. 15Хур æмæ
мæй рухс нал ратдзысты, стъалытæ нал
сæрттивдзысты.

16Дунедарæг ныннæрдзæн Сионæй, Йæ
хъæлæс райхъуысдзæн Йерусалимæй, арв
æмæ зæхх сæнкъуысдзысты. Фæлæ Дунеда-
рæг хъахъхъæндзæн Йæ адæмы, израилæг-
тæн суыдзæн сæ фидар. 17Уæд базондзыстут,
Æз уæ Дунедарæг Хуыцау кæй дæн æмæ
Сионы, Мæ уаз хохыл, кæй цæрын, уый. Йе-
русалим суыдзæн уаз сахар, æцæгæлæттæ
йыл дыууæрдæм нал кæндзысты. 18Уыцы
заман хæхтæй ракæлдзæн сæн, къуыбыр-
тæй — æхсыр, Иудæйы æрхытæ иууылдæр
донæй байдзаг уыдзысты. Дунедарæджы
Кувæндонæй суадон ракæлдзæн æмæ Ситти-
мы дæлвæз бафсаддзæнис. 19Мысыры зæхх
æмæ Едом æдзæрæг быдыртæ фестдзысты,
уымæн æмæ уыдон Иудæйы цæрджыты хъи-
зæмарæй мардтой, сæ зæххыл сын æнаххос
адæмы туг фæкалдтой. 20Иудæ æмæ Йеруса-
лим мыггагмæ нæ фесæфдзысты. 21Æз сын
сæ маст райсдзынæн, нæ ныббардзынæн.
Дунедарæг æрцæрдзæн Сионыл.

# Пехуымпар Амосы чиныг

Амос у, йæ раныхæстæ хицæн чиныг кæмæн баисты, уыцы фыццаг пехуымпар. Уый Хуыцауы уацамынд куы хъусын кодта, уæд дзуттаг адæм дихгонд уыдысты дыууæ паддзахадыл. Хуссары уыдис Иудей, йæ сæйраг сахар — Йерусалим. Цæгаты уыдис Израил, йæ паддзахы бадæн — Самарийы сахары, йæ ахсджиаг динон артдзæст — Вефилы сахар.

Амос йæхæдæг уыди фыййау, цардис Иудейы, Вифлеем мæ хæстæг, Фекоиайы, Чырыстийы райгуырды агъоммæ VIII æнусы. Хуыцау æй арвыста Цæгатаг паддзахадмæ, цæмæй израилæгтæн хъусын кæна Хуыцауы ныхас. Уый сын амыдта сæ бирæ тæригъæдтæм, мурта ттаг динмæ се 'ргом кæй аздæхтой, социалон рæстдзинад æмæ хæрзаудæн кæнынил дæр сæ къух кæй систой, уыдæттæм.

Чиныг райдайы сыхаг адæмты 'взæр митæ æргом кæнынæй, уый фæстæ ныхас рахизы Израилæн йæхимæ (1–2 сæртæ); дарддæр дзырдæуы израилаг адæмы тæригъæдтæ æмæ Хуыцауы тæрхоныл (3–6 сæртæ); дарддæр чиныджы — Израилы фидæны тыххæй Хуыцау Амосæн цы цæстылуайæнтæ фенын кодта, уыдон (7–9 сæртæ). Чиныджы 7-æм сæры ахсджиаг бынат ахсынц сауджын Амациа æмæ паддзах Йеровоамы ахастытæ: уыдон аргъ нæ кæнынц Хуыцауы ныхасæн, сæхи хицаудзинадæй уæлдай сæ цæсты ницы ахады.

Израилы адæм нæ байхъуыстой Амосы рагфæдзæхстытæм, æмæ Чырыстийы райгуырды агъоммæ 722 азы Ассириаг импери бацахста Самари, израилæгтæй бирæты та алы бæстæты æрцæрын кодта.

---

**1** Ацы чиныджы фыст æрцыдысты, Амос,
Текоайы фыййæуттæй иу, цæстылуайæны
цы фехъуыста, уыдæттæ. Уый уыдис иуде-
йаг паддзах Озиайы æмæ Израилы паддзах
Йеровоамы, Йоасы фырты, заман, зæххæн-
къуыстæй дыууæ азы раздæр.
2 Амос загъта:
— Дунедарæг ныннæрдзæн Сионæй, Йæ
хъæлæс райхъуысдзæн Йерусалимæй. До-
дой кæндзысты фыййæутты къæстæ, бахус
уыдзæн Кармелы цъупп.
3 Дунедарæг афтæ зæгъы: Дамаскы фыд-
ракæндтæй иунæг дæр нæ ныббардзынæн,
Галаады хох æфсæн найгæнæнтæй кæй ныс-
сæста, уый тыххæй. 4 Паддзах Хазаелæн йæ
хæдзарыл арт бандзардзынæн, Бен-Хадады
фидæрттæ басудздзынæн, 5 Дамаскы кулд-
уæрттæн се 'вдузæнтæ ныссæтдзынæн. Аве-
ны дæлвæзы паддзахы бадæны чи рабадт,
уый дæр, стæй Бет-Едены паддзахы дæр
фесафдзынæн. Арамейæгты Кирмæ уацары
акæндзысты, — зæгъы Дунедарæг.
6 Дунедарæг афтæ зæгъы: Газæйы фыд-
ракæндтæй иунæг дæр нæ ныббардзынæн,
уымæн æмæ, уацары кæй райстой, уыдоны
се 'ппæты дæр едомæгты къухтæм радтой.
7 Газæйы фидæрттыл арт бандзардзынæн, йæ
галуантæ йын басудздзынæн. 8 Ашдоды зæх-
хыл дæр, паддзахы бадæны чи рабадт, уый,
стæй Ашкелоны паддзахы дæр фесафдзынæн.
Мæ къух сисдзынæн Екронмæ, филистимæг-
тæй ма чи аирвæзт, уыдон цагъды фæуы-
дзысты, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау.
9 Дунедарæг афтæ зæгъы: Тиры фыдра-
кæндтæй иунæг дæр нæ ныббардзынæн,
уымæн æмæ уацайрæгты се 'ппæты дæр едо-
мæгты къухтæм радтой, æфсымæрон фидыд
фехæлдтой. 10 Тиры фидæрттыл арт бандзар-
дзынæн, йæ галуантæ йын басудздзынæн.
11 Дунедарæг афтæ зæгъы: Едомы фыд-
ракæндтæй иунæг дæр нæ ныббардзынæн,
уымæн æмæ кардимæ зылди йе 'фсымæры
фæдыл, æдзух йæ масты фæдыл цыд, йæ
масты арт мынæг нæ кодта. 12 Æз Теманыл
арт бандзардзынæн, æмæ уыцы арт Боцрайы
фидæрттæ аныхъуырдзæн.
13 Дунедарæг афтæ зæгъы: аммонæгтæн
сæ фыдракæндтæй иунæг дæр нæ ныббар-
дзынæн, уымæн æмæ, цæмæй сæ арæнтæ
фæуæрæхдæр кæной, уый тыххæй Галаады
сывæрджын устыты кæрдтæй рæхуыстой.
14 Раввайы фиддæрттыл арт бандзардзы-
нæн. Алырдыгæй тохы хъæртæ хъуысдзысты,
афтæмæй судздзысты йæ галуантæ, тымыгъы
сæм зилгæ уад æрбабырсдзæн. 15 Сæ паддзахы
сын акæндзысты уацары, æмæ йе 'лдæрттæ
дæр йемæ ацæудзысты, — зæгъы Дунедарæг.

**2** Дунедарæг афтæ зæгъы: Моавы фыдра-
кæндтæй иунæг дæр нæ ныббардзынæн,

уымæн æмæ Едомы паддзахæн йæ мардыл
дæр нæ бацауæрстой, басыгътой йæ. 2Арт
бандзардзынæн Моавы зæххыл, æмæ уыцы
арт Керийоты фидæрттæ аныхъуырдзæн.
Тохы уынæр æмæ сыкъауадындзты уасын
хъуысдзысты, афтæмæй йе сæфт æрцæудзæ-
ни Моавæн. 3Æз уыцы бæстæйы хицауы йе
’ппæт æлдæрттимæ фесафдзынæн, — зæгъы
Дунедарæг.

4Дунедарæг афтæ зæгъы: Иудæйы фыдра-
кæндтæй иунæг дæр нæ ныббардзынæн, уы-
мæн æмæ се ’ргом аздæхтой Дунедарæджы
Æгъдауæй, Йæ уагæвæрдтæ Йын не ’ххæст
кæнынц. Сæ фыдæлтæ цы мæнг хуыцæут-
ты фæдыл цыдысты, уыдон сын сæ фæндаг
ныггалиутæ кодтой. 5Æз арт бандзардзынæн
Иудæйыл, Йерусалимы фидæрттæ саусыгъд
бакæндзынæн.

6Дунедарæг афтæ зæгъы: Израилы фыдра-
кæндтæй иунæг дæр нæ ныббардзынæн. Раст
адæймаджы уæй кæнынц æвзистыл, мæгуыр
лæджы — дыууæ дзабырыл. 7Мæгуыртæн сæ
сæртæ рыджы бын ныккодтой, сæ фæндагыл
сын сæвæрдтой цæлхдуртæ. Фыд æмæ фырт
иу сылгоймагимæ хæтынц, сæгад Мын кодтой
Мæ уаз ном. 8Хæсы ныхмæ цы ’мбæрзæнтæ
райсынц, уыдоныл алы ныводхæссæны раз
хуыссынц, сæ Хуыцауы Кувæндоны нуазынц
сæн — кæйдæр ивар! 9Æз та сæ сæраппонд
аморæгты ныццагътон; нæзытæй бæрзонд-
дæр, тулдз бæлæстæй фидардæр уыдысты,
фæлæ сын Æз уæле скуынæг кодтон сæ дыргъ-
тæ, бынæй — сæ уидæгтæ. 10Сымах та Мысы-
ры зæххæй рахуыдтон æмæ уæ дыууиссæдз
азы дæргъы æдзæрæг быдыры фæкодтон,
цæмæй уын сæ зæхх исбонæн радтон, уый
тыххæй. 11Уæ фырттæй-иу уын равзæрстон
пехуымпартæ, уæ лæппутæй-иу снывонд код-
тон Мæхицæн. Афтæ нæу, Израил? — зæгъы
Дунедарæг. — 12Сымах та-иу, Мæхицæн кæй
снывонд скодтон, уыдоны сæнæй ныррасыг
кодтат, Мæ пехуымпартæн сдзурыны бар
нæ лæвæрдтат. 13Мæнæ уæ Æз хорæй йе-
дзаг уæрдонау ныссæнддзынæн. 14Цæрдæг
нæ алидздзæн, тыхджынæн фесæфдзæн йæ
хъару, нæ фервæздзæн хъæбатыр. 15Фатæх-
сæг уа, фистæг уа, бæхджын — иунæг дæр нæ
аирвæздзæн. 16Уæ хъæбатыртæн се ’ппæты
æхсарджындæр уыцы бон бæгънæгæй лидз-
дзæнис, — зæгъы Дунедарæг.

**3** Израилæгтæ! Байхъусут Дунедарæджы
ныхасмæ, сымах тыххæй цы зæгъы, уымæ!

Æз, Мысыры зæххæй цы адæмы ракодтон,
уыдонæн се ’ппæтæн дæр зæгъын: 2æгас
зæххыл цы адæмтæ ис, уыдоны ’хсæн сымах
равзæрстон. Уымæ гæсгæ уын уæ тæригъæд-
тæй иунæг дæр нæ ныббардзынæн.

3Дыууæ лæджы кæрæдзиимæ ныхас ку-
ынæ бакæной, уæд иумæ искуыдæм ацæу-
дзысты? 4Домбайæн йæ амæттаг йæ размæ
куынæ фæуа, уæд хъæдæй йæ богъ-богъ
райхъуысдзæн? Домбайы лæппын куы ницы
’рцахса, уæд лæгæтæй йæ рыхын фæхъуы-
сы? 5Исчи къæппæг куынæ сæвæра, уæд
дзы цъиу аирвæздзæн? Цъиу къæппæгмæ
куы батæха, уæд йæ дуар гомæй баззай-
дзæн? 6Сахары сыкъауадындзы уасын куы
райхъуыса, уæд адæм нæ фæтæрсдзысты?
Дунедарæг бар куынæ радта, уæд сахары
фыдбылыз æрцæудзæн?

7Дунедарæг Хуыцау сусæгæй ницы аразы,
алцыдæр раргом кæны Йæ лæггадгæнджы-
тæн, Йæ пехуымпартæн.

8Домбай куы ныррыха, уæд чи нæ фæ-
тæрсдзæн? Дунедарæг Хуыцау куы зæгъа,
уæд пехуымпар чи не суыдзæн?

9Ашдод æмæ Мысыры сахарты фехъусын
кæнут: «Æрæмбырд ут Самарийы къуыбыр-
тыл, акæсут-ма, цытæ дзы цæуы, уымæ:
бæстæ — змæст, адæм се ’фсондзы бын уд-
харæй мæлынц!»

10Рæстæй цæрын нæ зонынц, — зæгъы Ду-
недарæг, — тыхми æмæ стигъыны фæрцы сæ
галуантæ алы хæзнатæй байдзаг сты. 11Уымæ
гæсгæ Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: бæс-
тæйыл æрхъула кæндзæн знаг, дæ хъомыс
дын басæттдзæн æмæ дын дæ фидæрттæ
сафтид кæндзæн.

12Дунедарæг афтæ зæгъы: фыййау иуæй-иу
хатт домбайы дзыхæй фысы дыууæ къахы
кæнæ хъусы ’рдæг куыд фелвасы, раст афтæ
фервæздзысты, Самарийы хуыссæнты æмæ
Дамаскы къæлæтджынты цы израилæгтæ
улæфынц, уыдон.

13Байхъусут æмæ зæгъут Йаковы хæдза-
рæн, — зæгъы Дунедарæг Хуыцау, Уæлар-
вæфсады Бардарæг. — 14Æз Йаковы йæ фыд-
ракæндты тыххæй цы бон бафхæрдзынæн,
уыцы бон Вефилы ныводхæссæнтæ дæр
æнæ ’фхæрдæй нæ баззайдзысты, сæ сы-
къатæ сын акъуырдзысты æмæ сæ зæхмæ
фехсдзысты. 15Сæ зымæгон æмæ сæрдыгон
хæдзæрттæ, сæ пылыстæгæй фæлыст галуан-
тæ сын ныппырх кæндзынæн, ныккæлдзыс-
ты стыр хæдзæрттæ, — зæгъы Дунедарæг.

**4** Байхъусут ацы ныхасмæ, башайнаг хъуц-
цытæ, Самарийы хохыл чи цæры, уыдон!
Сымах мæгуырты ссæндут, сабыр адæмы

æфхæрут æмæ дзурут уæ хицæуттæн: «Нозт
нын æрбахæсс, æмæ нуазæм!» 2Дунедарæг
Хуыцау сомы кæны Йæ сыгъдæгдзинадæй:
ахæм рæстæг æрцæудзæн, æмæ уæ цæгтæ
æмæ æнгуыртæй уацары акæндзысты. 3Сис-
ты хуынчъытæй уæ сахарæй ракæндзысты
рæгъæй æмæ уæ Хармоны зæхмæ баппар-
дзысты, — зæгъы Дунедарæг.

4Æрбацæут Вефилмæ, сбирæ кæнут уæ
тæригъæдтæ! Ацæут Гилгалмæ, æмæ сæ уым
нoджы фæфылдæр кæнут! Алы райсом дæр
нывæндтæ хæссут, уе 'фтиаджы дæсæймаг
хай — æртæ бонæй æртæ бонмæ! 5Мæ разы-
иу Мын, æнхъизæн кæуыл ис, ахæм арфæйы
нывонд ссудзут! Барвæндæй хаст нывæндты
кой-иу хъæрдæрæй фехъусын кæнут, уымæн
æмæ уыдæттæ уарзут, израилæгтæ, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау.

6Уæ сахарты уын адæмы сыдæй амардтон,
æмæ уæ хъæуты хойраджы мур нал баззади,
фæлæ Мæм уæддæр нæ раздæхтыстут, — зæ-
гъы Дунедарæг. — 7Æмæ-иу Æз уый тыххæй
мæнæугæрдæнтæй æртæ мæйы раздæр зæхмæ
доны 'ртах нал æруагътон, иу сахары-иу къæв-
да æруарын кодтон, иннæйы та нæ; зæххы иу
хай-иу донæй бафсæстон, иннæ та-иу бахус ис
æнæ донæй. 8Цалдæр сахары цæрджытæ-иу
дон нуазынмæ иу сахары æрæмбырд сты, æмæ
сын дон нæ фаг кодта, фæлæ Мæм уæддæр нæ
раздæхтыстут, — зæгъы Дунедарæг.

9Уæ хуымтæ уын-иу судзгæ дымгæйæ кæнæ
халасæй фесæфтон, уæ дыргъдæттæ, уæ сæн-
дæттæ, уæ легъуитæ æмæ оливæ бæлæстæ уын-
иу мæтыхтæн бахæрын кодтон, фæлæ Мæм
уæддæр нæ раздæхтыстут, — зæгъы Дунедарæг.

10Мысыры адæмау уыл рын бафтыдтон;
уæ лæппуты уын карды цæфæй мардтон,
уæ бæхты уын-иу уацары атардтой, уæ аса-
дæнты-иу уæ хæстонтæн сæ мæрдты смагмæ
улæфыдыстут, фæлæ Мæм уæддæр нæ раз-
дæхтыстут, — зæгъы Дунедарæг.

11Содом æмæ Гоморрæйау уæ ныззыгуым
кодтон. Пиллон артæй цы æхсидав фелва-
сынц, уый æнгæс уыдыстут, фæлæ Мæм уæд-
дæр нæ раздæхтыстут, — зæгъы Дунедарæг.

12Уæдæ дын ныр Æз афтæ бакæндзынæн,
Израил! Дæхи æрцæттæ кæн дæ Хуыцауы
фенынмæ! 13Мæнæ ис, хæхтæ æмæ дым-
гæ Чи сфæлдыста, Йæ фæндон адæмæн чи
раргом кæны, сæуæхсид талынг Чи фестын
кæны æмæ къуыбыртæ Чи ссæнды, Уый, Йæ
ном — Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг.

**5** Израилæгтæ, байхъусут ацы ныхасмæ,
цы хъарæг уыл скодтон, уымæ!

2Ахаудис Израилы чызг, сыстын нал у йæ
бон! Йæ райгуырæн зæххыл лæзæры — нæй
йæ сисæг!

3Дунедарæг Хуыцау афтæ зæгъы: «Израи-
лы сахартæй искæцыйæ мин хæстоны куы
рацæуа, уæд дзы æрмæстдæр сæдæ аир-
вæздзæн, сæдæ хæстоны кæцæй рацæуа,
уырдæм та ма дæс раздæхдзæн».

4Дунедарæг израилæгтæн афтæ зæгъы:
«Раздæхут Мæм æмæ удæгасæй баззайдзыс-
тут. 5Ма цæут Вефилмæ, Гилгал æмæ Беер-
Шевæмæ. Гилгалы цæрджыты иууылдæр
уацары акæндзысты, Вефилæн та зæххыл
йæ кой дæр нал баззайдзæн». 6Дунедарæгмæ
уе 'ргом раздахут æмæ цæрдзыстут. Науæд
Уый пиллон артау æртыхсдзæни Йосефы
хæдзарыл, басудздзæни Вефил, æмæ уыцы
арт ахуыссын кæнын никæй бон уыдзæн.

7О, раст тæрхон скъæлдзо чи фестын кодта
æмæ рæстдзинад зæхмæ чи фехста, уыдон!
8Авд хойы стъалыгуппар æмæ Орион Чи
сфæлдыста? Талынг райдзаст райсом Чи
фестын кæны, бон та — тар æхсæв? Чи фæ-
сиды денджызы уылæнтæм æмæ сæ зæххы
цъарыл Чи акалы? Дунедарæг — Йæ ном!
9Уый къæйных лæджы фесафы, æмæ сисæх-
гæд фидарæн йе сæфт æрцæуы.

10Тæрхондоны искæй чи багæды кæны,
уый уын свæййы æнæуынон, рæстæвди-
сæнмæ æнæвввæрсонæй кæсут.

11Сымах мæгуырты æфхæрут, гæртамæн
сæ исут хор. Афтæ кæй кæнут, уый тыххæй,
уæхицæн лæгъз дуртæй хæдзæрттæ куы са-
майат, уæд дæр дзы нæ фæцæрдзыстут; дис-
саджы сæндæттæ скæндзыстут, фæлæ сæны
хъæстæ нæ фæуыдзыстут. 12Æз зонын, цас
фыдбылызтæ æмæ цас тæригъæдтæ сарæзтат,
уый. Сымах рæстгæнджыты æфхæрут, гæр-
тæмттæ исут, мæгуыртæн тæрхондоны раст
тæрхон нæ кæнут. 13Ацы заманы куырыхон
йæ дзыхыл хæцы, уымæн æмæ фыд заман у.

14Фыдбылызты бæсты хорздзинадмæ
тырнут æмæ цæрдзыстут. Уæд Дунедарæг,
Уæларвæфсады Бардарæг, уыдзæнис уемæ,
уæхæдæг куыд зæгъут, афтæ. 15Æвзæрдзинад
уын суæд æнæуынон, рæстдзинад бауарзут
æмæ раст тæрхон кæнут тæрхондоны. Чи
зоны, Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
Йосефы фæдонтæй ма чи аирвæзт, уыдонæн
ныббара.

16Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Дунедарæг Ху-
ыцау, Уæларвæфсады Бардарæг: алы фæзы
дæр хъуысдзæнис хъарæг, алы уынджы дæр
додой кæндзысты. Се 'ххуырстытæм æмæ
хъарæггæнджытæм зианмæ фæдзурдзысты.

17Алы сæндонæй дæр хъуысдзæн кæуын,
уымæн æмæ Æз уе 'хсæнты ацæудзынæн, —
зæгъы Дунедарæг.
18Додойаг сты, Дунедарæджы тæрхоны
бонмæ чи бæллы, уыдон! Цæмæн уæ хъæ-
уы уыцы бон? Уый рухс нæ, фæлæ талынг у.
19Уыцы бон, цыма адæймаг домбайæ фæцæй-
лыгъд æмæ æвиппайды йæ размæ арс фæ-
ци, хæдзармæ балыгъд, йæ къухæй къулыл
андзæвыд æмæ йыл калм фæхæцыд, уый
хуызæн у. 20Дунедарæджы тæрхоны бон рухс
нæу, фæлæ талынг у, рухсы цъыртт дзы нæй!
21Уæ бæрæгбæттæ Мын æлгъаг æмæ æнæ-
уынон сты, уæ нывæндты фæздæг улæфын
Мæ нæ фæнды. 22Иуылсудзинаг нывæндтæ
Мын куы 'рхæссут, уæд уын сæ нæ айсын;
арфæйы нывондæн Мын хæрзхаст родтæ куы
аргæвдут, уæд сæм кæсгæ дæр не 'ркæнын.
23Ма мын хъусын кæн дæ зарджытæ,
дæ хъисфæндыры зæлтæ. 24Раст тæрхон
цæугæдонау кæлæд, гуылфæнтæ кæнæд
рæстдзинад!
25Израилæгтæ! Дыууиссæдз азы æдзæрæг
быдыры Мæ размæ нывæндтæ æмæ хуынти-
мæ цыдыстут? 26Уæ паддзах Сиккуты æмæ
уæ стъалы-хуыцау Киуны нывтæ, уæхæдæг
кæй скодтат, уыдон, уемæ фæрахæсс-бахæсс
кодтат! 27Уыдæтты тыххæй уæ Æз Дамаскæй
дарддæр уацары акæнын кæндзынæн, — зæ-
гъы Дунедарæг, Йæ ном — Уæларвæфсады
Бардарæг.

**6** Додойаг сты, Сионы хохыл, Самарийы
къуыбырыл æнæмæтæй чи цæры, адæмты
'хсæн фыццаг бынат чи ахсы, уыцы адæмы
барджынтæ, æгас Израил ныфсджын кæмæй
сты, уыдон! 2Ацæут-ма Калнейы зæхмæ æмæ
акæсут, уый фæстæ бацæут номдзыд Хамат-
мæ, ныццæут-ма филистимæгты Гатмæ: сæ
паддзахæдтæ сымахæй тыхджындæр не сты,
сæ арæнтæ — уæрæхдæр?
3Сымах бæллæхы бонæн дард æнхъæл стут
æмæ уæ фыдракæндтæ уымæн нæ уадзут.
4-6Пылыстæг сынтæджытыл хуыссут æмæ
буц дарут уæхи; уæрыччыты, хæрзхаст род-
ты фыд хæрут, дыууадæстæнонтыл цæгъдут
æмæ зарут — Давид ма уæ кæцæй аййаф-
дзæн! Стыр кæхцытæй сæн нуазут, хæрз-
дæфгæнæнтæй уæхимæ зилут, æмæ уæм
Йосефы байзæддæгты сæфт нымады дæр
нæу! 7Уый тыххæй уацайрæгтæн сæ разæй
ацæудзыстут, æмæ уæ хъал цардæн кæрон
æрцæудзæнис. 8Дунедарæг Хуыцау сомы
кæны Йæхицæй, Дунедарæг, Уæларвæфсады
Бардарæг, зæгъы: Йаковы сæрыстырдзинад
Мын æлгъаг у, Йæ галуантæ Мын сты æнæ-
уынон, Æз ын йæ сахар йе 'ппæт цæрджы-
тимæ знаджы къухмæ ратдзынæн. 9Искæцы
хæдзары ма дæс адæймаджы куы баззайа,
уæд уыдон дæр амæлдзысты. 10Сæ хæстæ-
джытæй исчи æрбацæудзæн, цæмæй сæ
бавæрыны размæ байсæрда æмæ, марды
'ддæмæ хæсгæйæ, хæдзаргæсы бафæрсдзæн:
«Исчи ма дзы ис?» Уый йын дзуапп ратдзæ-
нис: «Ничи». Уæд ын зæгъдзæн: «Сабыр!
Дунедарæджы ном дзурæн нæй!»
11Дунедарæг бардзырд ратдзæн, æмæ гал-
уантæ хæлддзæгтæ фестдзысты, хæдзæрттæ
ныккæлдзысты.
12Бæхтæ къæдзæхтыл фезгъорынц? Галтæй
йæ бахуым кæнæн ис? Сымах та раст тæрхон
фестын кодтат марг, рæстдзинады дыргъ —
скъæлдзо! 13Сымах цин кæнут, Ло-Девары
сахар кæй басастат, ууыл æмæ дзурут: «Ау,
Карнаимы сахар нæхи хъаруйы фæрцы нæ
бацахстам?»
14Тагъд уын Æз, израилæгтæ, — зæгъы
Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг, — уæ
ныхмæ ахæм адæмы сыстын кæндзынæн,
æмæ уæ Лево-Хаматæй суанг Аравы онг
ассæнддзысты!

**7** Дунедарæг Хуыцау мын фенын кодта ахæм
ныв: фæззыгон кæрдæг куы сцæйзад æмæ
паддзахы хуымтæ карст куы 'рцыдысты, уæд
Уый фæзынын кодта мæтыхтæ. 2Уыдон зæх-
хыл кæрдæджы мур нал ныууагътой, æмæ
Йæм æз скуывтон: «О Дунедарæг Хуыцау!
Ныххатыр кæн! Куыд аирвæздзæн Йаков?
Ныма гыццыл у». 3Æмæ Дунедарæг аивта
Йæ фæндон. «Нæ уыдзæн уый» — загъта
Дунедарæг.
4Дунедарæг Хуыцау мын фенын кодта
ахæм ныв: Дунедарæг Хуыцау арт ссыгъта,
æмæ уый стыр денджыз æмæ зæххы хай
аныхъуырдта. 5Æз Æм скуывтон: «О Дуне-
дарæг Хуыцау! Бауром ацы бæллæх! Куыд
аирвæздзæн Йаков! Тынг гыццыл куы у».
6Æмæ Дунедарæг йæ фæндон аивта. «Нæ
уыдзæн уый дæр» — загъта Дунедарæг.
7Уый мын ноджы фенын кодта ахæм ныв:
уырдыг сисы сæрыл лæууыди Бардарæг,
Йæ къухы — ауыгъд зды. 8Дунедарæг мæ
бафарста: «Цы уыныс, Амос?» Æз ын дзу-
апп радтон: «Ауыгъд зды». Дунедарæг мын
загъта: «Рæхджы Æз Мæ адæмы, Израилы,
астæу ауыгъд зды сæвæрдзынæн; нал сын
ныббардзынæн. 9Исаакы уаз къуыппытæ
ныддæрæн кæндзынæн, Израилы кувæн-
дæттæ хæлддзæгты кæритæ фестдзысты, Æз

кардимæ Йеровоамы байзæддæгты ныхмæ
сыстдзынæн».
10Вефилы сауджын Амациа паддзах Йе-
ровоаммæ минæвары арвыста ахæм уаци-
мæ: «Амос израилæгты дæ ныхмæ аразы,
зæхх нал уромы йæ ныхæстæ. 11Амос зæгъы:
„Йеровоамы хъамайы цæфæй амардзыс-
ты, израилæгты æцæгæлон зæхмæ уацары
акæндзысты“».
12Æмæ Амациа загъта Амосæн: «Пеху-
ымпар, ардыгæй Иудæйы зæхмæ ацу, уым
дæхицæн къæбæрваг кус æмæ уыцы ран
пехуымпариуæг кæн. 13Вефилы та мацы-
уал дзур, уымæн æмæ уый паддзахæн йæ
кувæндон æмæ йæ хæдзар у». 14Амос Ама-
циайæн дзуапп радта: «Æз нæ дæн нæдæр
пехуымпар, нæдæр — пехуымпары фырт.
Æз уыдтæн фыййау æмæ зылдтæн сикомор-
тæм. 15Фæлæ мын Дунедарæг фысты рæгъау
ныууадзын кодта æмæ загъта: „Ацу æмæ
пехуымпариуæг кæн Мæ адæмæн, Израи-
лæн“. 16Уæдæ ныр байхъус Дунедарæджы
ныхасмæ. Ды зæгъыс, пехуымпариуæг мауал
кæн Израилы, Исаакы хæдзарæн мацыуал
дзур, зæгъгæ. 17Уымæ гæсгæ Дунедарæг афтæ
зæгъы: дæ бинойнаг адæмы бын баззайдзæн,
дæ фырттæ æмæ дæ чызджытæ кардылæф-
тыд фæуыдзысты, зæхбарæг дын дæ зæхх
байуардзæн. Дæхæдæг тæригъæдджын зæх-
хыл амæлдзынæ, израилæгты та æцæгæлон
зæхмæ уацары акæндзысты».

**8** Дунедарæг Хуыцау мын фенын кодта
ахæм ныв: цыма мæ разы уыди рæгъæд
дыргъты чыргъæд. 2Уый мæ бафарста:
«Цы уыныс, Амос?» Æз Ын дзуапп радтон:
«Рæгъæд дыргъты чыргъæд». Уæд мын Ду-
недарæг загъта: «Мæ адæмæн, Израилæн,
сæ кæрон æрцыд, нал сын ныббардзынæн.
3Уыцы бон галуантæй зарджыты бæсты
райхъуысдзæни кæуын, — зæгъы Дунедарæг
Хуыцау. — Зæхх мæрдтæй байдзаг уыдзæн.
Алы ран дæр — мæрдтæ, мæрдтæ! Сабыр!»
4Байхъусут, мæгуырты ’фхæрджытæ, се
сæфтмæ чи бæллы, уыдон! 5Сымах дзурут:
«Мæйноджы бæрæгбон куы фæуа, уæд та
хор уæй кæндзыстæм, сабаты фæстæ бай-
гом кæндзыстæм нæ хордæттæ. Ефæйы уæз
та фæкъаддæр кæндзыстæм, шекелы аргъ
фæфылдæр кæндзыстæм, раст чи нæ бары,
ахæм барæнтæй адæмы фæливдзыстæм.
6Гæвзыччы æлхæндзыстæм æвзистæй, мæ-
гуыр лæджы — дыууæ дзабырæй, нæ зыгуым
дæр-иу уæй кæндзыстæм». 7Дунедарæг сомы
кæны Израилы сæрыстырдзинадæй: «Сæ
хъуыддæгтæ сын нæ ферох кæндзынæн мыг-
гагмæ!» 8Куыннæ хъуамæ сæнкъуыса зæхх,
йæ цæрджытæ додой куыннæ кæной? Зæхх
Нилы донау гуылфæнтæ кæндзæн, Мысыры
цæугæдонау кæм хердмæ фæцæудзæн, кæм
дæлæмæ. 9Уыцы бон, — зæгъы Дунедарæг
Хуыцау, — хур аныгуылын кæндзынæн æм-
бисбон, райдзаст бонастæу зæхх баталынг
уыдзæн. 10Уæ бæрæгбæттæ уын фестын кæн-
дзынæн хъарæг, уæ зарджытæ — кæуын.
Иууылдæр уæ уæлæ скæндзыстут сæхъис,
адасдзыстут уæ сæртæ. Адæймаг йæ иу-
нæг фырты мардыл куыд фæкæуы, уыйау
дзыназдзыстут, алы бон дæр — масты бон.
11Мæнæ æрцæуы ахæм рæстæг, — зæгъы
Дунедарæг Хуыцау, — æмæ зæххыл стонг
заман æруадздзынæн. Дзул æмæ доны фы-
дæй куы фæмæлынц, ахæм дуг нæ, фæлæ
Дунедарæджы ныхас фехъусынмæ куы бæл-
дзысты, ахæм заман. 12Дунедарæджы ныхас
фехъусыны тыххæй иу денджызæй иннæмæ,
цæгатæй скæсæнмæ цæудзысты, фæлæ йæ
не ссардзысты.
13Уыцы бон рæсугъд чызджытæ æмæ лæп-
путæ, дойныйæ мæлгæйæ, зæхмæ хаудзысты
æнæбонæй.
14Самарийы тæригъæдæй ард чи хæры,
уыдон дзурынц: «Дан, сомы кæнын дæ ху-
ыцауæй, ард хæрын Беер-Шевæмæ фæнда-
гæй». Уыдон иууылдæр æрхаудзысты æмæ
нал сыстдзысты.

**9** Æз федтон Дунедарæджы. Уый лæууыди
нывондхæссæныл æмæ загъта: «Цæджындзы
сæр ныццæв, къæсæртæ куыд сæнкъуысой,
афтæ, уадз æмæ Кувæндон адæмыл ны́к-
кæла. Чи ма дзы аирвæза, уыдоны кардæй
ныццæгъддзынæн, иунæг дæр дзы нæ алидз-
дзæн, ничи фервæздзæн. 2Мæрдтыбæстæм
куы фæлидзой, уæд сæ уым дæр ссардзынæн,
уæлармæ куы ссæуой, уæд сæ уырдыгæй
дæр раппардзынæн. 3Кармелы хохы цъуппыл
куы бамбæхсой, уæд сæ уым дæр ссардзынæн
æмæ сæ ’рцахсдзынæн; денджызы бын Мæ
куы бамбæхсой, уæд сыл денджызы калмы
сардаудзынæн, цæмæй сыл фæхæца. 4Се
знæгты разæй уацары куы ацæуой, уæд сæ
уым дæр карды цæфæй амардзынæн. Мæ
цæстæнгас сæм сæ хорзæн нæ, фæлæ сæ
фыдбылызæн сараздзынæн».
5Дунедарæг, Уæларвæфсады Бардарæг,
зæххыл куы андзæва, уæд зæхх сæнкъуыс-
дзæн, æмæ йыл чидæриддæр цæры, уыдон
ныддодой кæндзысты. Зæхх хердмæ фæ-
цæудзæнис Нилау, Мысыры цæугæдонау

фæстæмæ æрцæудзæнис дæлæмæ. [6]Йæ
галуантæ саразта уæлæрвты, Йе ’рдынцар
æрфидар кодта зæххы сæрмæ. Уый фæсиды
денджызы дæттæм æмæ сæ акалы зæххы
цъарыл, Дунедарæг — Йæ ном.

[7]Израилæгтæ, сымах Мын эфиопæгтæй
уæлдай не стут, — зæгъы Дунедарæг. — Æз
израилæгты ракодтон Мысырæй, филисти-
мæгты — Кафторæй, арамейæгты — Кирæй.
[8]Дунедарæг Хуыцау тæригъæдджын паддза-
хадмæ Йæ цæстæнгас саразта. Æз æй зæххы
цъарæй фесафдзынæн, фæлæ Йаковы хæдзар
бынтон не скуынæг кæндзынæн, — зæгъы
Дунедарæг. — [9]Æз бардзырд ратдзынæн,
æмæ Израилы адæмы, мæнæу сыхырнайы
куыд балуарынц, афтæ адæмты ’хсæн ных-
хæлиу кæндзысты, æмæ дзы иу дур дæр нæ
ахиздзæн. [10]Мæ адæмæй тæригъæдджын чи
у, фыдбылыз нæм æввахс не ’рбацæудзæн,
зæгъгæ, чи дзуры, уыдон иууылдæр карды
цæфæй цагъды фæуыдзысты.

[11]Уыцы бон Æз Давиды пырх цатыр но-
гæй сæвæрдзынæн. Йæ зыхъхъыртæ йын
сæхгæндзынæн, йæ пырхытæ йын банывыл
кæндзынæн, кæддæр куыд уыдис, афтæ та
йæ рацараздзынæн, [12]цæмæй Мæ адæм ба-
цахсой, едомæгтæй ма чи аирвæзт, уыдоны,
стæй æппæт æцæгæлон адæмты зæххы-
тæ æмæ сæ бакæной мæ дæлбар, — зæгъы
Дунедарæг, æппæт уыдæттæ Чи сæххæст
кæндзæн, Уый.

[13]Рæхджы æрцæудзæн ахæм рæстæг, — зæ-
гъы Дунедарæг, — æмæ хуымгæнæг хуыммæ
рацæудзæн, фæлæ хуымгæрдæг нырма уы-
дзæнис уым; тауæг рацæудзæн, фæлæ нырма
сæн ссæнддзысты. Хæхтæй сæн ракæлдзæн,
æмæ къуыбыртæ сфæлмæн уыдзысты. [14]Æз
уацарæй раздахдзынæн Мæ адæмы, Израи-
лы. Афтид сахартæ ног сараздзысты æмæ сæ
æрцæрдзысты, сæндæттæ ныссадздзысты
æмæ сæн нуаздзысты, скæндзысты дыргъ-
дæттæ æмæ сын сæ дыргътæ хæрдзысты.
[15]Сæхи зæххыл сын ауадздзынæн сæ уи-
дæгтæ, æмæ сæ ничиуал срæдувдзæн, Æз
сын кæй радтон, уыцы зæххæй, — зæгъы
Дунедарæг, дæ Хуыцау.

# Пехуымпар Авадиайы чиныг

Ацы цыбыр рагуац, æвæццæгæн, фыст æрцыд, Чырыстийы райгуырды агъоммæ 586 азы вавилойнаг æфсæдтæ Йерусалим куы ныппырх кодтой, уый хæдфæстæ. Авадиа рагацау дзырдта, зæгъгæ, Едомы цæрджытæ Хуыцауы æвзæрст адæмы тæригъæды кæй цæуынц, уый тыххæй æфхæрд баййафдзысты. Едомæгтæ тугхæстæг æййæфтой израилæгтæн, умæн æмæ уыдон уыдысты израилæгты рагфыдæл, Йаковы 'фсымæр Исавы байзæддæгтæ. Дыууæ адæмы цардысты фæрсæй-фæрстæм. Умæ гæсгæ, израилæгты бæллæхтыл кæй ферадысты, сæ зæххытæ æмæ сын сæ исбон байсын кæй сфæнд кодтой, уый, сæ хæстæгдзинад нымайгæйæ, уыди тынг æлгъаг ми.

Израилæгтæ сæхи зæхмæ æрбаздæхтысты, Едомæй та Ног Фæдзæхсты замантæм, Идумейа, зæгъгæ, уыцы ном йеддæмæ, ницыуал баззади. Едомы цæрджытæ схæццæ сты сæ алфамбылай адæмтимæ, уыимæ дзуттæгтимæ дæр.

---

1Авадиайы цæстылуайæн.
Дунедарæг Хуыцау Едомы тыххæй зæгъы,
Дунедарæгæй фехъуыстам уац, адæмтæм
рарвыстæуыд фæдисоны: «Сыстут, æмæ
Едомы ныхмæ схæцæм!»
2 — Адæмты 'хсæн дæ Æз ницæйаджы бы-
натмæ 'руадздзынæн, æмæ дыл æлгъ кæн-
дзысты. 3Дæ къæйных зæрдæ дæ фæсайдта,
къæдзæхты 'хсæн цæрыс æмæ дзурыс: «Чи
мæ раппардзæни зæхмæ?» 4Фæлæ цæргæсау
бæрзонд куы стæхай æмæ стъалыты астæу
дæхицæн ахстон куы сбийай, уæд дæ уырды-
гæй дæр расхойдзынæн, — зæгъы Дунедарæг.
5Давджытæ кæнæ дæм æхсæвы абырджы-
тæ фæзындысты, мыййаг? Гæныстонмæ
куы 'рцыдтæ. Сæнæфсир тонджытæ дæм
куы 'рбацыдаиккой, уæд ма дæм уыдон дæр
цалдæр гагайы, ау, нæ ныууагътаиккой?
6Фæлæ Исавы æгасæй дæр басгæрстæуыд, йе
'мбæхсæнты йын фæджигул кодтой!
7Дæ цæдисонтæ дæ расурдзысты дæ зæххы
арæнтæй, гадзрахатæй дыл рацæудзысты;
демæ хæларæй чи царди, уыдон дæ басæт-
дзысты. Дæ къæбæр дын чи хæры, уыдон
дæ чъылдымæрдыгæй ныццæвдзысты
æмæ зæгъдзысты: «Йæ сæрызонд фæлыгъ-
ди бынтондæр!» 8Уыцы бон, — зæгъы Ду-
недарæг, — Æз ныццæгъддзынæн Едомы
куырыхонты, Исавы хохыл — зонджынты.
9Уæд дæ сахъгуырдты æвирхъау тас бацæу-
дзæни, Теман, æмæ Исавы хохы цæрджытæ
цагъды фæуыдзысты. 10Де 'фсымæр Йако-
вы кæй æфхæрдтай, уый тыххæй фæхуди-
наг уыдзынæ, сыскъуыйдзынæ мыггагмæ.
11Æцæгæлæттæ йын йæ исбон хæлæфæй
куы давтой, йæ кулдуарæй куы бахызтысты
æмæ Йерусалимыл хæлттæ куы 'ппæрстой,
уæд æм ды та фæрсæрдыгæй кастæ. Ды дæр
уыдоны хуызæн уыдтæ! 12Де 'фсымæрыл
фыдбылыз куы 'рцыд æмæ йе сæфты бон
куы ралæууыд, уæд æм дæуæн райгондæй
кæсын не 'мбæлдис. Иудæйы байзæддагæн
се сæфт куы 'рцыд, уæд ууыл цин кæнын
æмæ, фыдæвзарæнты куы бахаудысты, уæд
сыл худын не 'мбæлди дæуæн. 13Мæ адæмы
æнамонды бон сæ кулдуарæй бахизын, се
сæфты бон сæ фыдбылызтæм кæсын æмæ
дын сæ исбоныл андзæвын дæр не 'мбæлди.
14Йæ лидзджыты марыны охыл, фæндаг кæм
акъабуз ис, ахæм рæтты лæууын, бæллæ-
хы бон дзы чи аирвæзт, уыдоны се знæгты
къухмæ дæттын не 'мбæлди дæуæн. 15Уы-
мæн æмæ æрхæццæ кæны Дунедарæджы
тæрхоны бон, æппæт адæмтæн сæ Тæрхоны
бон! Æмæ, дæхæдæг куыд кодтай, афтæ дын
бакæндзысты дæхицæн дæр, дæ хъуыддæг-
тæм гæсгæ бафиддзынæ.
16Сымах Мæ уаз хохыл куыд нуæзтат, афтæ
'ппæт адæмтæ дæр масты кæхц нуаздзыс-
ты, фырнызтæй ныррасыг уыдзысты, æмæ
зæххыл сæ кой дæр нал баззайдзæн. 17Фæ-
лæ Сионы хохыл бирæтæ фервæздзысты,
æмæ суыдзæнис уаз бынат, Йаковы хæдзар
райсдзæни йæ исбон. 18Йаковы байзæддаг
фестдзæнис арт, Йосефы байзæддаг — арты
'взæгтæ, Исавы байзæддаг та — хъæмп. Арт
ыл бандзардзысты æмæ йæ фесафдзыс-
ты, Исавы байзæддагæй ничиуал баззай-
дзæн, уымæн æмæ афтæ Дунедарæг загъта.
19Хуссарварс чи цæры, уыдон бацахсдзысты

Исавы хох, дæлвæзы цæрджытæ — филистимæгты зæхх, Ефрем æмæ Самарийы быдыртæ. Бениамин та бацахсдзæнис Галаад.
20 Æмæ Израилы хæстонтæй уымæй размæ сæ зæххæй хаст чи 'рцыди, уыдон Ханааны зæхх Сарептæйы онг бацахсдзысты. Йерусалимæй кæй ракодтой æмæ ныр Сефарады чи цæры, уыдон та райсдзысты хуссайраг сахартæ.
21 Сионы хохмæ 'рбацæудзысты ирвæзынгæнджытæ — Исавы хохæн тæрхон кæнынмæ, æмæ ралæудзæнис Дунедарæджы паддзахад.

# Пехуымпар Ионæйы чиныг

Ионæйы чиныджы æвдыст цæуы иу, фæлæ ахсджиаг цау, æппындæр пехуымпар уæвын кæй нæ фæндыд æмæ йе 'ппæт хъарутæй йæ уыцы курдиатæй фервæзынил чи архайдта, уыцы пехуымпары цардæй.

Архайд цæуы Чырыстийы райгуырды агъоммæ VIII æнусы. Хуыцау бабар кодта Ионæйæн æгъатыр æмæ барджын Ассириаг империйы сæйраг сахар Ниневимæ бацæуын æмæ йын йæ цæрджыты æнаккаг митæ хурмæ ракалын. Фæлæ Ионæйы нæ фæндыд, цæмæй израилæгты знæгтæ сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кæной æмæ сын Хуыцау ныххатыр кæна, уый. Уыимæ ма, гæнæн ис, знæгтæм бацæуынмæ йæ ныфс дæр нæ хаста æмæ уымæ гæсгæ бынтон æндæрæрдæм араст ис Ниневийæ.

Бирæ диссæгты фæстæ Ионæ уæддæр бакасти Хуыцауы коммæ, фæлæ йын тынг хъыг уыдис, Хуыцау ниневиæгтæн сæ тæригъæдтæ кæй ныббарста, уый. Хуыцау Ионæйæн раргом кодта, баууæндынмæ Йыл цæттæ чи у, уыдоныл се 'ппæтыл дæр æмхуызон кæй ауды, тæригъæдджынтæн æй се сæфт нæ, фæлæ, цæмæй сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кæной, уый кæй фæнды. Дунедарæг у канд Израилы адæмы нæ, фæлæ æппæт дунейы Хуыцау, уыимæ цæрæгойты, зайæгойты æмæ æдзард дунейы Хуыцау дæр: уыдон дæр сты Йæ дæлбар, æмæ сæм куыдфæндыйы цæстæй нæ кæсы.

Ног Фæдзæхсты Йесо æрымысы Ионæйы хабар, цæмæй рагацау бамбарын кæна Йæ мæлæт, Йæ мæрдтæй растад. Ниневиæгтæ сæ тæригъæдтыл цæхгæр кæй басастысты æмæ сыл зæрдиагæй кæй æрфæсмон кодтой, уый Йесо нымайы фæзминагыл æмæ йæ хæссы дæнцæгæн.

---

**1** Дунедарæг Амиттайы фырт Ионæйæн
фехъусын кодта Йæ ныхас: 2 «Цæугæ Нине-
вимæ, хъуыстгонд стыр сахармæ, æмæ уым
пехуымпариуæг кæн, уымæн æмæ Мæм сæ
фыдракæндты кой сыхъуыст». 3 Фæлæ Ионæ
сфæнд кодта Таршишмæ фæлидзын, цæмæй
Дунедарæгæй бамбæхса. Ныццыдис Яффо-
йы сахармæ, Таршишмæ чи цыд, ахæм нау
ссардта, æхца бафыста æмæ наумæ ныххызт-
ти, Дунедарæгæй йæхи айсыны фæндимæ.
4 Фæлæ Дунедарæг денджызы тыхджын
дымгæ ауагъта, æвирхъау уад сыстад, нау
гæбазгай куы ныппырх уа, уымæй тæссаг
сси. 5 Науы кусджытæн фыр тæссæй сæ уд
ауади, алчи дзы йæхи хуыцаумæ фæдисы
хъæр байдыдта, ласинаг сæм цы уыд, уый
донмæ æппæрстой, нау фæрогдæр уа, зæгъ-
гæ. Ионæ та уыцы рæстæг науы рæбыноз
бынатмæ ныххызт, схуыссыд æмæ тарф
фынæй баци. 6 Науы хистæр æм бацыд æмæ
йын загъта: «Цы фынæй кæныс?! Сыст, дæ
Хуыцаумæ фæсид æххуысмæ, кæд нæм Йе
'ргом раздахид æмæ нæ фесæфиккам». 7 Уæд
науы кусджытæ кæрæдзийæн загътой: «Цæй
æмæ хæлттæ сæппарæм, ацы бæллæх кæй
азарæй æййафæм, уый базонынæн». Сæп-
пæрстой, æмæ Ионæйы хал схаудта. 8 Æмæ
йын загътой: «Зæгъ-ма нын, ацы бæллæх
ныл кæй азарæй æрцыдис, цы ми кæнæг
дæ, кæцæй цæуыс, цы бæстон, цы адæмæй
дæ?» 9 Æмæ сын уый загъта: «Æз дзуттаг дæн,
æмæ кад кæнын Дунедарæгæн, уæларвы
Хуыцауæн, денджыз æмæ сурзæхх Сфæл-
дисæгæн». 10 Æмæ адæмы стыр тас бацыд,
Дунедарæгæй лидзынвæнд кæй скодта, уый
сын куы радзырдта, уæд, æмæ йын загътой:
«Уый цы ми бакодтай?!» 11 Денджыз та йæ
абухынæй не 'нцади. Æмæ йæм дзурынц:
«Цы дын бакæнæм, цæмæй нын денджыз
ныссабыр уа, уый тыххæй?» 12 Уæд сын уый
загъта: «Доны мæ баппарут, æмæ басабыр
уыдзæн, уымæн æмæ æз зонын, ацы æвир-
хъæу уад уыл мæн азарæй кæй рацыдис, уый».
13 Уыдон сæ нау былы 'рдæм сарæзтой æмæ

фыййæгтæй тынгдæр ссонын байдыдтой,
зæхмæ куы баирвæзиккам, зæгъгæ. Фæлæ
денджыз йæ абухын нæ уагъта, уылæн сæ
ныхмæ цавта, æмæ сæ фæндæй ницы рауад.
14 Уæд Дунедарæгмæ сдзынæзтой: «Лæгъстæ
Дын кæнæм, Дунедарæг, ацы адæймаджы
уды тыххæй нæ ма фесаф, æнаххос адæйма-
джы тугныккалды нæ азымджын ма фæкæн!
Ды — Дунедарæг: Дæ фæндон ахæм уыди».
15 Систой Ионæйы æмæ йæ денджызмæ
фехстой. Абухгæ денджыз уыйадыл баса-
быр. 16 Денджызонтыл стыр тас бахæцыди
Дунедарæджы раз, æмæ нывонд æрхастой
Дунедарæгæн, ард Ын бахордтой.

**2** Уæд Дунедарæг бардзырд радта стыр кæ-
сагæн, цæмæй Ионæйы аныхъуыра. Æртæ
боны æмæ æртæ ’хсæвы Ионæ фæци кæса-
джы гуыбыны. 2 Стæй уæд Ионæ кæсаджы
гуыбынæй Дунедарæгмæ, йæ Хуыцаумæ,
скуывта:

3 «Мæ тыхст сахаты æз æрхатыдтæн
Хуыцаумæ,
мæрдтыбæстæй — кæсаджы хуылфæй
Дæм нырдиаг кодтон,
æмæ мын фехъуыстай мæ хъæлæс.
4 Сæрсæфæнмæ, денджызы арфмæ мæ
нывзылдтай,
мæ алыварс дон фестади,
Дæ дæттæ æмæ Дæ уылæнтæ
ивылдысты мæ сæрты.
5 Æз хинымæр загътон:
Дæ цæстыты разæй тард æрцыдтæн,
фæлæ та ногæй Дæ сыгъдæг Кувæндон
фендзынæн.
6 Дæттæ æртыхстысты мæ удыл,
сæрсæфæны февзæрдтæн,
денджызы зайæгойтæ баныхæстысты
мæ сæрыл.
7 Хæхтæн сæ бындурмæ ныххæццæ
дæн,
зæхх мыл йе ’вдузæнтæ сæхгæдта
мыггагмæ,
фæлæ мын Ды, Дунедарæг, мæ Хуыцау,
мæ уд ракæндзынæ зындонæй.
8 Мæ уд куы сфæлмæцыд мæ мидæг,
уæд æз æрхъуыды кодтон Хуыцауы,
æмæ мæ куывд фехъуысти Дæумæ,
Дæ сыгъдæг Кувæндонмæ.
9 Ницæйаг мæнг хуыцæуттæн кад чи
кæны,
уыдон æнæхай фесты хорзæхæй,
сæ бон райсын кæй уыди, уымæй.
10 Æз та Дын кады зарæгæй нывонд
æрхæсдзынæн,
цы загътон, уый сæххæст кæндзынæн.
Ирвæзындзинад Дунедарæгмæ ис!»
11 Уæд Дунедарæг кæсагæн бардзырд рад-
та, æмæ уый Ионæйы сурмæ раппæрста йæ
дзыхæй.

**3** Дунедарæг Ионæйæн дыккаг хатт загъта:
2 «Марадз, хъуыстгонд стыр сахар Ниневимæ
ацу æмæ адæмæн, Æз дын цы зæгъын, уый
фехъусын кæн». 3 Ионæ байхъуыста Дунеда-
рæджы ныхасмæ, срæвдз кодта йæхи æмæ
араст ис Ниневимæ.

Ниневи уыди стыр сахар, йæ иу кæронæй
иннæмæ — æртæ боны цыд. 4 Ионæ сахары
цæуын байдыдта, боны дæргъы йын-иу цас
бантысти, уыйас, æмæ адæмæн Хуыцауы
ныхас хъусын кодта: «Дыууиссæдз боны
ма — æмæ Ниневи ныппырх уыдзæн!»
5 Æмæ ниневиæгтæ бауæндыдысты Ху-
ыцауыл: стырæй, чысылæй ком дардтой,
сæ уæлæ скодтой сæхъис. 6 Хабар Ниневи-
йы паддзахмæ байхъуысти, уый сыстад йæ
къæлæтджынæй, йæ дарæс раласта, сæхъис
скодта йæ уæлæ æмæ фæнычы сбадти. 7 Стæй
уæд бардзырд радта йæхи æмæ йæ номдзыд
адæймæгты номæй: «Ниневийы адæм, стур-
вос, лыстæг фос дæр мацы хæргæ хъуамæ
кæной, мацы — нуазгæ, 8 цæмæй адæймагæй,
фосæй æмбæрзт уой уыцы пæлæзтæй, цæ-
мæй адæм Хуыцаумæ тынг кувын байдайой,
цæмæй алчи йæ рæдыд фæндагæй рахиза,
фыдбылыз макæмæнуал кæна. 9 Чи зоны, кæд
нын Хуыцау фæтæригъæд кæнид, Йæ судзгæ
мастæй нæ бахизид æмæ кæд нæ фесæфик-
кам». 10 Æмæ федта Хуыцау, адæм сæ рæдыд
фæндагæй кæй рахызтысты, уый, бæллæх
æруадзинаг сыл кæй уыдис, уымæй сын
фæтæригъæд кодта æмæ йæ нал æруагъта.

**4** Уый Ионæйæн тынг хъыг уыди æмæ смæс-
ты. 2 Дунедарæгмæ скуывта: «О Дунедарæг!
Мæхи бæстæйы ма куы цардтæн, уæд ууыл
нæ дзырдтон, мыййаг? Таршишмæ лидзын
дæр уый тыххæй сфæнд кодтон, уымæн
æмæ зыдтон, фæлмæнзæрдæ, бирæбыхсаг,
бирæбараг Хуыцау кæй дæ æмæ Дæ фыдбы-
лыз æруадзын кæй нæ фæнды, уый. 3 Уæдæ
мын ныр, Дунедарæг, айс мæ уд, уымæн
æмæ мæ мæлæт мæ цардæй хуыздæр у».
4 Дунедарæг ын загъта: «Ау, уый дын уый
бæрц хъыг фæцис?» 5 Ионæ сахарæй рацыди,
йе скæсæнварс халагъуд сарæзта æмæ йæ
аууоны сбадти, цæмæй, сахар цы бауыдзæ-
нис, уый фена. 6 Уæд Дунедарæг Хуыцау уым
зайæгой æрзайын кодта. Уый Ионæйæн йæ

сæрты акасти æмæ йын аууон дардта, кæд
дзы йæ маст ферох уаид, зæгъгæ. Ионæ тынг
бацин кодта уыцы зайæгойыл. 7Фæлæ Хуы-
цау афтæ бакодта, æмæ дыккаг бон, куыд-
дæр æрбарухс, афтæ къуыдыргалм уидæгтæ
бахсыдта, æмæ зайæгой бахус. 8Хур куы
скасти, уæд та Хуыцау рауагъта скæсæйнаг
тæвд дымгæ, æмæ хур Ионæйы сæр арауын
байдыдта. Афтæ стыхсти, æмæ йæхицæн
мæлæт куырдта: «Мæ мæлæт мæ цардæй
хуыздæр у». 9Æмæ Хуыцау Ионæйæн загъта:
«Ау, зайæгойы тыххæй афтæ маст кæныс?»
«Тынг, амæлыны онг», — загъта уый. 10Уæд
ын Дунедарæг афтæ зæгъы: «Ды тæригъæд
кæныс, кусгæ кæуыл нæ бакодтай, кæй не
'рзайын кодтай, иунæг æхсæвмæ чи сзадис
æмæ иунæг æхсæвмæ сæфгæ дæр чи фæкодта,
уыцы зайæгойæн. 11Уæд æз Ниневийæн — ра-
хиз къух галиуæй чи нæ иртасы, ахæм адæм
æхсæзыссæдз минæй фылдæр, стæй бирæ
фос кæм ис, уыцы стыр сахарæн — куыннæ
батæригъæд кæнон?»

# Пехуымпар Михейы чиныг

Михей уыди пехуымпар Исайайы æмдугон, стæй, уæвæн ис, æмæ йæ ахуыргæнинаг дæр, уый израилаг адæмæн уацамынд кодта VIII æнусы дыккаг æмбисы. Уыцы азты тыхджын Ассириаг империйы æфсад иу æмæ дыууæ хатты не 'ртхъирæн кодта дзуттаг адæмы дыууæ паддзахадмæ: Израил æмæ Иудеймæ.

Пехуымпар Михей развæлгъау дзырдта, дзуттæгты тæригъæды тыххæй Йерусалимы дæр Самарийау Хуыцауы азар кæй байафдзæн — былдурзылд кæй фæуыдзæн, йæ адæмы та йын æндæр паддзахадмæ уацары кæй акæндзысты. Уый барджынтæн уайдзæф кæны, сæ дæлбар адæмы кæй ссæндынц, уый тыххæй, хуымæтæг адæмæн хурмæ хæссы сæ мæнгарддзинад, пехуымпартæн — адæмæн зæрдаив ныхæстæй ныфсытæ кæй æвæрынц, уый. Æппæт фыдбылызты гуырæн — Иунæг Хуыцауы бæсты гуымирытæ æмæ мурталтаг хуыцæуттæм кувын.

Хуыцауы тæрхонимæ баст ныхæстæ (1:1–2:11; 3:1–12; 6:1–7:7) æмæ ныфсæвæрæн ныхæстæ (2:12-13; 4:1–5:15; 7:8-20) кæрæдзийы ивынц. Ралæудзæн ахæм бон, æмæ паддзах Давиды байзæддаг бынтон-дæр фæуæлахиз уыдзæн знæгтыл, æмæ уæд адæм ссыгъдæг уыдзысты се 'ппæт тæригъæдтæй (5 сæр).

---

**1** Иудейаг паддзæхтæ Иотам, Ахаз æмæ Езе-
киайы заман Дунедарæг Йæ ныхас фехъусын
кодта морешетаг Михайæн; цæстылуайæны
йын раргом чындæуыд, Самари æмæ Йеру-
салиммæ цы 'нхъæлмæ кæсы, уый:
2«Байхъусут, æппæт адæмтæ, байхъусут
лæмбынæг, æгас зæхх æмæ йе 'ппæт цæр-
джытæ! Дунедарæг Хуыцау уæ ныхмæ æв-
дисæн ныллæууæд, Йæ уаз Кувæндонæй
рацæуæд Бардарæг!
3Мæнæ Дунедарæг рацæуы Йæ сыгъдæг
цæрæнæй, æрцæудзæн æмæ зæххы бæр-
зæндтæ бассæнддзæн. 4Хæхтæ атайдзысты
Йæ быны; мыдадз артæй куыд акъæртт вæй-
йы, къæдзæхы фахсыл дон куыд рацæйзгъо-
ры, афтæ дæлвæзтæ фæркгай фæхаудзыс-
ты. 5Æппæт адæттæ 'рцæудзысты Йаковы
æнæхуыцау миты, Израилы тæригъæдты
аххосæй.
Самари — мæнæ ис Йаковы тæригъæд!
Йерусалим — мæнæ ис Иудейы уаз къуыпп!
6Уыдæтты тыххæй Æз Самарийы фестын
кæндзынæн æдзæрæг быдыр, хæлддзæг-
ты кæритæ, сæндæттæ кæм сараздзысты,
ахæм бынат; йæ дуртæ йын фехсдзынæн
дæлвæзмæ, йæ бындуртæ йын разынын
кæндзынæн. 7Йæ гуымирытæ иууылдæр
æрцæудзысты пырх, йæ хæтыны тыххæй
йын цыдæриддæр бафыстой, уыдон та —
сыгъд, йæ гуымирыты йын фесафдзынæн.
Ахæм фиддон хъæхбай айсдзæн йæ хæтыны
тыххæй».
8Æз кæудзынæн æмæ дзыназдзынæн ууыл,
бæгъæввад æмæ бæгънæгæй цæудзынæн;
хъæддаг куыдзау ниудзынæн æмæ страусау
мæ цæссыг згъалдзынæн, 9уымæн æмæ нæй
сдзæбæхгæнæн йæ хъæдгомæн. Стыр бæл-
лæх æрбахæстæг Иудеймæ, суанг мæ адæмы
кулдуары раз, Йерусалимы цур æрбалæууыд.
10Уыцы хабар Гаты ма ахъæр кæнут, уым-
иу ма кæут! Бет-ле-Афрейы сахары рыджы
сæвдулут уæхи!

11Шафиры цæрджытæ! Æгадæй æмæ бæгъ-
нæгæй æцæгæлон бæстæм ацæут! Цаананы
цæрæг нæ алидздзæнис; Бет-Ха-Эцелæй хъа-
рæг хъуысы, фæлæ æхххуыс нæ фендзысты.
12Кæуы йæ исбоныл Мароты цæрæг, уымæн
æмæ Дунедарæг æвирхъау фыдбылыз æру-
агъта Йерусалимы кулдуарыл.

13Лахишы цæрæг, дæ бæхтæ уæрдоны
сифтындз! Сионы чызгæн йæ тæригъæдтæ
дæуæй райдыдтой! Израилы фыдракæндты
аххосджын ды дæ! 14Морешет-Гаты сахармæ
дæ чындздзон хуынтæ арвитдзынæ; Ахзивы
хъæуы цæрджытæ фыдæнхъæл фæкæндзыс-
ты Израилы паддзæхты.

15Марешайы цæрæг, тыхгæнæджы дæм
æрбакæндзынæн, æмæ суанг, Израил сæ-
рыстыр кæмæй у, уыцы Адулламы онг ных-
хæццæ уыдзæн.

16Дæ сæрыхъуынтæ адас, ныхъхъарæг кæн
дæ уарзон хъæбултыл! Хæдмæлхорау ныг-
гæмæх кæн дæ сæр, уымæн æмæ дын дæ
сабиты уацары акодтой!

**2** Додойаг сты, фыдвæндтæ чи кæны, ху-
ыссæны дæр фыдбылызтæ чи мысы æмæ,
боныцъæхтæ нæма ралæууынц, афтæмæй
сæ хъаруйы фæрцы фыдракæндтæ чи аразы,
уыдон! 2Быдыр сæ бахъæуа — бацахсынц
æй, хæдзармæ бабæллой — байсынц æй; нæ
ауæрдынц нæдæр лæгыл, нæдæр йæ бинон-
тыл, байсынц ын йæ исбон. 3Уымæ гæсгæ
Дунедарæг афтæ зæгъы: Æз сфæнд кодтон
ацы адæмыл, сæ бæрзæйæ кæй нæ сисдзыс-
ты, ахæм бæллæх æруадзын, æмæ сæ бон
раст цæуын дæр нал суыдзæн, уымæн æмæ
ралæудзæни бæллæхы заман. 4Уыцы бон
адæмæн хынджылæггаг суыдзыстут, додой
кæндзыстут æмæ дзурдзыстут: «Ныххæлæт-
таг нæ кодтой! Мæ адæмы исбон мын уæй
кæнынц! О, додой! Исынц мын мæ исбон!
Уацары нæ чи райста, уыдонæн нын байу-
æрстой нæ быдыртæ!» 5Уымæ гæсгæ дын дæ
зæхх адих кæнынæн Дунедарæджы æмбыр-
ды хæлттæ сæппарæг нæ уыдзæн.

6Афтæмæй та уыдон пехуымпартæн
дзырдтой: «Рагуацтæ мауал хъусын кæнут,
мах нæ фæхудинаг уыдзыстæм!»

7Йаковы байзæддæгтæ! Ау, Дунедарæг
быхсаг нал у? Ау, ахæм сты Йæ хъуыддæгтæ?
Раст адæймагæн Мæ ныхæстæ сты фарны хос.

8Мæ адæм знæгты хуызæн систы. Сабыр
фæндаггонтæн, хæрамдзинадæй йæхи чи
хизы, уыдонæн сæ уæлæфтаутæ æмæ сæ
пæлæзтæ байсут. 9Мæ адæмы сылгоймæг-
ты Мын сæ уарзон хæдзæрттæй тæрут, сæ
сабиты сын мыггагмæ æнæхай кæнут Мæ-
нæй. 10Сыстут æмæ цæугæут, уымæн æмæ
ацы бæстæйы æнцойдзинад нал уыдзæн.
Йе ’нæхуыцау миты тыххæй йæ æгъатырæй
ныххæлæттаг кæндзысты.

11Цыфæнды фæлитой дæр исты куы æры-
мысид æмæ куы зæгъид, сæн æмæ махсы-
мæйæн уæм ныккæнæн дæр нал уыдзæни,
зæгъгæ, уæд уый дæр ацы адæмæн хорз пе-
хуымпар суаид. 12Йаков! Дæ байзæддæгтæм
дын æнæмæнг фæсиддзынæн, Израилæй
ма чи фервæза, уыдоны, фысты сæ бынаты,
фысвосы рæгъау сæ хизæнуаты куыд сæм-
бырд кæнынц, афтæ æнæмæнг æрæмбырд
кæндзынæн, æмæ уыцы бынат байдзаг уы-
дзæнис адæмæй. 13Цæлхдуртæ пырхгæнæг
ацæудзæни сæ разæй, æмæ, сæ фæндагыл
цы бырутæ уа, уыдон ныппырх кæндзысты,
кулдуары уылты ахиздзысты æмæ фæстæмæ
дæр рацæудзысты. Сæ паддзах сæ разæй
цæудзæн, сæ сæргъы та уыдзæни Дунедарæг.

**3** Байхъусут, Йаковы æлдæрттæ, Израилы
хæдзары фæтæгтæ! Сымах хъуамæ, рæстдзи-
над цы у, уый ма зонат? 2Фæлæ уын хорздзи-
над æнæуынон у, æвзæрдзинæдтæ уарзут. Сæ
царм бастыгътат адæмæн, се стджытæ сын
разынын кодтат! 3Мæ адæмы фыдтæ Мын
хæрут, сæ царм сын стигъут, се стджытæ
сын ныммур кæнут; дзидза аджы сфыцы-
нæн, цæдджджинаджы ныккалынæн куыд
скæрдынц, уыйау сæ ныкъкъуыхтæ кæнут.
4Дунедарæгмæ дзыназдзысты, фæлæ сæ Уый
нæ фехъусдзæн, уыцы заман сæ Йæ цæсгом
бамбæхсдзæн сæ фыдракæндты аххосæй.

5Дунедарæг пехуымпарты тыххæй афтæ
зæгъы: «Мæ адæмы Мын рæдийын кæнынц,
сабыр цардæй сын зæрдæтæ æвæрынц, фæ-
лæ сын сæ гуыбынтæ чи не ’фсады, уыдоны
ныхмæ расидынц хæст. 6Уый тыххæй сæм
цæстылуайæнты бæсты æнхъæлмæ кæсы
тар æхсæв, рагуацты бæсты — саудалынг.
Хур сыл баталынг уыдзæн, боны рухс нал
фендзысты. 7Пехуымпартæ къæмдзæстыгæй
баззайдзысты, дæсныфæрсджытæ фæхуди-
наг уыдысты, сæ цæсгæмттæ æрæмбæрз-
дзысты, уымæн æмæ сын Дунедарæг дзуапп
нал ратдзæн». 8Æз та дзаг дæн Дунедарæджы
Уды хъаруйæ, рæстдзинад æмæ æхсарæй,
цæмæй Йаковæн, йæ азым цæй мидæг ис,
уый зæгъон æмæ Израилæн бамбарын кæ-
нон йæ тæригъæд.

9Байхъусут, Йаковы æлдæрттæ, Израилы
хæдзары фæтæгтæ! Сымах æлгъ кæнут раст
тæрхоныл, растæй цы ис, уый ныггалиутæ

кæнут. [10]Сион самадтат туджы фæрцы, Йе-
русалим — æнæхуыцау миты руаджы! [11]Йе
'лдæрттæ тæрхон кæнынц гæртæмттыл, сау-
джынтæ зонд амонынц фиддоныл, пехуым-
партæ сæ рагуацтæ уæй кæнынц æхцайыл,
афтæмæй æнхъæлмæ кæсынц Дунедарæджы
æххуысмæ æмæ дзурынц: «Ау, Дунедарæг не
'хсæн нæй? Фыдбылыз ныл не 'рцæудзæн».
[12]Сымах тыххæй Сион быдырау бахуым кæн-
дзысты, Йерусалим дуррæдзæгъдтæ фест-
дзæни, Кувæндон цы хохыл лæууы, уый та
бæлæсты бын фæуыдзæни.

**4** Фæстаг заман куы ралæууа, уæд, Дуне-
дарæджы Хæдзар цы хохыл лæууы, уый
суыдзæни хæхты бæрзонддæр, къуыбыртæй
фæуæлдæр уыдзæн, адæмтæ йæм агуылф
кæндзысты. [2]Бирæ адæмтæ æрбацæуадзыс-
ты æмæ дзурдзысты: «Цомут æмæ ссæуæм
Дунедарæджы хохмæ, Йаковы Хуыцауы хæ-
дзармæ, Йæ фæндæгтыл нæ сахуыр кæндзæн,
æмæ Йæ цæуæнтыл цæудзыстæм». Уымæн
æмæ Ægъдау рацæудзæни Сионæй, Дунеда-
рæджы ныхас — Йерусалимæй. [3]Уый бирæ
адæмтæн тæрхон кæндзæни, дардбæстаг
знæмтæн сæ хъуыддæгтæ хурмæ рахæс-
дзæн: уыдон стайын кæндзысты сæ кæрдтæ
æмæ сæ сараздзысты гутонтæ, се 'рцытæй
та — æхсырфтæ. Иу адæмыхатт иннæмæ
кард нал сисдзæн, æмæ хæцыныл нал ахуыр
кæндзысты. [4]Алчи æнæмæтæй улæфдзæни
йæ сæнæфсир æмæ йæ легъуи бæласы бын,
ничиуал никæй æфтаудзæни тасы, уымæн
æмæ афтæ загъта Уæларвæфсады Бардарæг.
[5]Æппæт адæмтæ цæрынц, сæхи хуы-
цæуттæм кувгæйæ, мах та мыггагмæ кад
кæндзыстæм Дунедарæгæн, нæ Хуыцауæн.
[6]Уыцы бон, — зæгъы Дунедарæг, — Æз æрæм-
бырд кæндзынæн къуылыхты, алырдæм кæй
фæсырдæуыд æмæ фыдбылызтæ кæуыл
æруагътон, уыцы адæмы баиу кæндзынæн.
[7]Æз сæвзардзынæн къуылыхты æмæ сæ
фервæзын кæндзынæн, дард рæтты кæй
ныххæлиу кодтон, уыдонæй скæндзынæн
тыхджын адæм, æмæ сын Дунедарæг уæ-
дæй фæстæмæ æмæ мыггагмæ паддзахиуæг
кæндзæни Сионы хохыл. [8]Дæумæ та, Миг-
дал-Эдер, Сионы чызджы хох, дæ хицауы
бартæ раздæхдзысты, Йерусалимы чызгмæ
раздæхдзæни йæ паддзахдзинад.
[9]Уæдæ ныр цæуыл фæдис кæныс? Ау, пад-
дзах дын нæй? Æви дын уынаффæгæнæг нал
ис, арæг усау хъуырдухæн цы кæныс?
[10]Хъизæмар кæн æмæ фыр рыстæй удха-
рæй мæл, Сионы чызг! Ныр ацæудзынæ дæ
сахарæй æмæ цæрдзынæ быдыры. Вавилон-
мæ ахæццæ уыдзынæ æмæ уым фервæздзы-
нæ, уымæн æмæ дæ уыцы ран Дунедарæг
де знæгты къухæй балхæндзæн. [11]Æнæны-
мæц адæмтæ сыстадысты дæ ныхмæ æмæ
дзурынц: «Уадз æмæ фæчъизи уа Сион, йæ
худинаг ын фенæм!» [12]Фæлæ уыдон Дунеда-
рæджы хъуыдытæ нæ зонынц, Йæ уынаффæ
сын зындгонд нæу. Куыристæ мусы куыд
æрæмбырд кæнынц, уыйау сæ ацы ран кæй
сæмбырд кодта, уый не 'мбарынц. [13]Сыст
æмæ райдай ссын, Сионы чызг! Æфсæйнаг
сыкъатæ, æрхуы сæфтджытæ дын скæндзы-
нæн, æмæ бирæ адæмты басæтдзынæ. Сæ
фæллæйттæ æмæ сын сæ исбон фесафдзы-
нæ — Дунедарæгæн, æппæт зæххы Дунеда-
рæгæн сæ снывонд кæндзынæ.

**5** Ныр дæхи хæстмæ æрцæттæ кæн, æфсады
чызг! Нæ алыварс æрхъула кодтой знæгтæ,
Израилы хицауиуæг чи кæны, уымæн йæ
рустæ лæдзæгæй цæвдзысты.
[2]Ды та, Вифлеем-Ефрафæ, кæд Иудæйы хæ-
дзарвæндæгтæн сæ къаддæр дæ, уæддæр Мæ
фæндонмæ гæсгæ дæуæй рацæудзæн Израи-
лы Бардарæг, незаманты, æнусты размæ Чи
равзæрдис, Уый. [3]Уымæ гæсгæ сæ ныууадз-
дзæнис рæстæгмæ, цалынмæ, æнхъæлцау
Чи у, уый ныййара, уæдмæ, æмæ уый фæстæ,
израилæгты 'фсымæртæй ма чи аирвæза,
уыдон сæм фæстæмæ раздæхдзысты. [4]Уый
фæзындзæн æмæ сæ хиздзæн Дунедарæджы
хъаруйæ, Йæ Дунедарæг Хуыцауы хъомыс-
джын номимæ. Æмæ цæрдзысты æдасæй,
уымæн æмæ уыцы заман зæххы кæрæттæм
аххæсдзæни Йæ хъомыс. [5]Уый æрхæсдзæн са-
быրдзинад. Кæд ассириæгтæ нæ зæхмæ 'рба-
бырсой æмæ нын нæ сахартæ ссæндой, уæд
сын сæ ныхмæ авд фыййауы æмæ аст æлдары
æрлæууын кæндзыстæм. [6]Уыдон Ассири æмæ
Нимроды зæххытæ кæрдтæй басæтдзысты,
æмæ нæ Уый фервæзын кæндзæн Ассирийæ.
[7]Йаковы байзæддæгтæ æнæнымæц адæмты
'хсæн суыдзысты Дунедарæджы æртæхау,
кæрдæгыл цы тæрккъæвда рауары, уый æн-
гæс. Сæ цард адæймагæй аразгæ нал уыдзæн,
æмæ Адамы цотыл сæ зæрдæ нал дардзысты.
[8]Йаковы байзæддæгтæй чи аирвæза, уыдон
æнæнымæц адæмтæ æмæ знæмты астæу
уыдзысты, домбай хъæды сырдты, лæппын
домбай фысты рæгъауы 'хсæн куыд вæййы,
афтæ: куы сæм бабырсы, уæд сæ ныссæнды
æмæ сæ аскъуыдтæ кæны.
[9]Дæ къух де знæгты ныхмæ ист æрцæ-
уæд, фесæфæнт дæ фыдгултæ! [10]Уыцы бон

дын, — зæгъы Дунедарæг, — Æз ныццæгъд-
дзынæн дæ бæхты, ныппырх дын кæндзы-
нæн дæ бæхуæрдæттæ; 11дæ зæххы сахартæ
æмæ дæ фидæрттæ дын ныддæрæн кæн-
дзынæн; 12дæ къухтæй дын стондзынæн
дæ хинтæ, æмæ де ’хсæн кæлæнгæнджытæ
нал баззайдзæн. 13Дæ гуымирытæ æмæ дæ
табуйаг дуртæ дын фесафдзынæн; дæхи
къухæй кæй аразыс, уыдæттæм нал кувдзы-
нæ. 14Ашерæйы цæджындзтæ сæ рæбынæй
акалдзынæн, дæ сахартæ дын зæххимæ сиу
кæндзынæн. 15Мæнмæ чи нæ хъусы, уыцы
адæмтæй Æз Мæ маст райсдзынæн.

**6** Байхъусут, Дунедарæг цы зæгъы, уымæ:
«Сыст, дæ хъаст хæхты размæ рахæсс, уадз
æмæ дын къуыбыртæ дæ хъæлæс фехъусой!
2Байхъусут, хæхтæ, Дунедарæджы тæр-
хонмæ, хъусгæ кæнут сымах дæр, зæххы
фидар бындуртæ! Уымæн æмæ Дунедарæг
Йæ адæмæн тæрхон кæны, азымджын кæ-
ны Израилы.
3Мæ адæм, цы уын кодтон? Цавæр маст
уæ бауагътон? Дзуапп Мын раттут.
4Æз уæ ракодтон Мысырæй, цагъайрæгтæ
цы зæххыл уыдыстут, уым уын бафыстон уæ
ахæстаргъ, уæ разæй уын арвыстон Моисей,
Аарон æмæ Мариамы.
5Мæ адæм! Æрхъуыды-ма кæнут, Моавы
паддзах Балак цы сфæнд кодта æмæ йын
Беоры фырт Балаам цавæр дзуапп радта,
уый, стæй уыл Ситтимæй Гилгалы онг цытæ
æрцыдис, уыдæттæ, — уæд бамбардзыстут,
Дунедарæг уын цас хорздзинæдтæ сарæз-
та, уый».
6Цæимæ æрлæууон Дунедарæджы раз,
уæларвы Хуыцаумæ цæимæ бакувон? Йæ
цурмæ иууылсудзинаг нывæндтимæ кæнæ
афæдздзыд родтимæ бацæуон? 7Фæлæ Ду-
недарæджы зæрдæ мингай фыстæй кæнæ
оливæйы сойы цæугæдæттæй чи балхæн-
дзæн? Мæ фыдракæнд ныббарыны охыл мæ
фыццаг зæнæджы тæригъæды нывондæн
æрхæссон, мыййаг?
8О адæймаг! Хорздзинад цы у æмæ дæ
Дунедарæг цы домы, уый дын загъдæуыди:
рæстдзинады фæдыл цу, адæмæн хорздзи-
над æвгъау ма кæн, сæрныллæгæй цæр дæ
Хуыцауы раз.
9Дунедарæджы хъæлæс сиды сахармæ
(куырыхон зонды нысан — тас Дæ номы
раз): хъусут лæдзæгмæ, стæй, Чи йæ сæ-
вæрдта, Уымæ.
10Хæрам миты фæрцы цы хæдзæрттæ æмæ
цы хæзнатæ фæзынди, стæй, сайгæ цы ’лгъаг
барæнтæ кæнынц, уыдонмæ, ау, афтæ кæс-
дзынæн? 11Сайаг тæрæзтæ æмæ фæливæг
уæзбарæнтæ Æз куыд хъуамæ банымайон
растыл? 12Ацы сахары хъæздгуытæ сæ фыд-
митæй кæй нал æфсæдынц, йæ цæрджытæ
мæнгард кæй сты æмæ сæ раст ныхас кæй
нал хъуысы, 13уый тыххæй сæ Æз ныззыгуым
кæндзынæн, гæныстонмæ сæ æркæндзынæн
сæ тæригъæдты аххосæй. 14Хæрдзынæ, фæлæ
не ’фсæддзысты, сæ хæринаг сын нал тай-
дзæни. Фæстауæрцæн цы бавæрай, уыдон дæ
бон бахъахъхъæнын не суыдзæн, цы ма дæм
аззайа, уыдон карды амæттаг бакæндзынæн.
15Таугæ цы бакæнай, уый не ’ркæрддзынæ;
сойы гагатæ балæмардзынæ, фæлæ дæхи
сойæ нæ байсæрддзынæ, сæнæфсиртæ бас-
сæнддзынæ, фæлæ сæн нæ нуаздзынæ.
16Ды æххæст кодтай Амрийы æгъдæуттæ
æмæ фæзмыдтай Ахавы фæдонты хъуыд-
дæгтæ, уыдоны уынаффæтæм гæсгæ цæ-
рыс. Уымæ гæсгæ дæ Æз æдзæрæг быдыр
фестын кæндзынæн, дæ цæрджыты дын
сæгад кæндзынæн, адæмтæн хынджылæг-
гаг суыдзыстут.

**7** Додойаг фæдæн! Цыма сæрды бæркад
æрæмбырд кодтой æмæ сæнæфсиртæ æфс-
найд æрцыдысты, уыйау иунæг гага дæр
никуыуал ис, рæгъæд дыргъы мур нал зыны
бæстыл. 2Зæххыл хæларзæрдæ адæм нал ис,
раст лæджы никуыуал ссардзынæ. Иууыл-
дæр систы лæгмартæ, алчи йе ’фсымæры
къæппæджы ’ппары. 3Æрмæст фыдбылызтæ
аразынмæ сты дæсны: барджын агуры лæ-
вæрттæ, тæрхоны лæг — гæртæмттæ; бæс-
тæйы хицау, цы йæ бахъæуы, уый æрдомы,
иууылдæр кæрæдзиимæ сты ныхасгонд.
4Хуыздæр сæ чи у, уый дæр — какон сындз,
сæ рæстдзинад — сындзджын кауæй фыд-
дæр. Фæлæ мæнæ, Дæ пехуымпартæ цы
бонæй дзырдтой, уый æрхæццæ кæны, Дæ
тæрхоны бон æрбаввахс ис, æмæ ныр сæм-
тъеры уыдзысты.
5Ма æууæнд дæ хионыл, де ’рдхордыл
дæ зæрдæ ма дар, дæ хуыссæнуаты чи фы-
нæй кæны, уымæн дæр-иу мацы схъæр кæн.
6Уымæн æмæ фырт худинаг кæны йæ фыды,
чызг ралæууы йæ мады ныхмæ, чындз — йе
’фсины ныхмæ: адæймагæн йæ хæдзаронтæ
йе знæгтæ суыдзысты. 7Æз та мæ зæрдæ
Дунедарæгыл дардзынæн, Хуыцау мæ кæй
фервæзын кæндзæн, уымæ æнхъæлмæ кæс-
дзынæн, мæ Хуыцау мæ фехъусдзæн.

**6:9** Ацы бынаты мидис дзуттаг тексты у зынæмбарæн.

[8]Ме знаг, райгондæй мæм ма кæс! Кæд
ахаудтæн, уæддæр та сыстдзынæн, кæд
мæ алыварс баталынг ис, уæддæр Ду-
недарæг у мæ рухс. [9]Æз Дунедарæджы
раз тæригъæдджын дæн, æмæ Йын уымæ
гæсгæ фæраздзынæн Йæ мастæн, цалын-
мæ мын мæ хъуыддаг равзара æмæ мын
тæрхон рахæсса, уæдмæ. Уый мæ ракæн-
дзæни рухсмæ, æмæ Йын фендзынæн
Йæ рæстдзинад. [10]Ме знаг дæр уыдæттæ
фендзæнис æмæ къæмдзæстыгæй баззай-
дзæн, уымæн æмæ дзырдта: «Кæм ис дæ
Дунедарæг Хуыцау?» Уынджы йæ цъыфау
куыд бассæнддзысты, уымæ æхсызгонæй
кæсдзынæн.
[11]Дæ систæ амайыны рæстæг æрхæццæ
уыдзæн, дæ арæнтæ фæуæрæхдæр кæндзы-
нæ. [12]Уыцы бон дæм дунейы алы кæрæттæй
адæм цæудзысты: Ассирийæ — Мысыры
сахарты онг, Мысырæй — Евфраты онг, иу
денджызæй иннæ денджызмæ, хохæй хох-
мæ. [13]Уыцы зæхх та йæ цæрджыты азымы
тыххæй, сæ хъуыддæгты аххосæй, æдзæрæг
быдыр фестдзæни.

[14]Хиз Дæ лæдзæгæй Дæ адæмы, Дæ исбоны
дзуг, хибарæй Кармелы хъæдты чи æрцар-
дис, уыдоны. Уадз æмæ та, рагзаманты куыд
уыдис, афтæ Башан æмæ Галаады хизой!
[15]— Мысырæй куы рацыдтæ, уыцы заман
куыд уыд, афтæ та дын фенын кæндзынæн
Мæ диссæгтæ.
[16]Адæмтæ уый куы феной, уæд, цыфæнды
хъомысджын куы уой, уæд дæр къæмдзæс-
тыгæй баззайдзысты; сæ дзыхтæ ахгæндзыс-
ты къухæй, сæ хъустæ бакъуырма уыдзысты.
[17]Калмау сдæрдзысты рыг, уаллæттау ра-
лæсдзысты сæ фидæрттæй, фæтæрсдзысты
Дæуæй, нæ Дунедарæг Хуыцауæй. [18]Кæм ис
Дæу хуызæн Хуыцау? Дæуау сæ тæригъæдтæ
æмæ сæ фыдракæндтæ чи ныббары, Йæ исбо-
нæй ма чи аирвæзт, уыцы адæмæн? Хуыцау
æнусмæ нæ мæсты кæны, уымæн æмæ хор-
зæхджын у. [19]Ныббардзæн та нын, ссыгъдæг
нын кæндзæн нæ тæригъæдтæ, денджызы
арфмæ сæ нывзилдзæни. [20]Ды иузæрдион
уыдзынæ Йаковыл, фæтæригъæд кæндзынæ
Авраамæн, райдианы нæ фыдæлтæн сомы
куыд ракодтай, афтæ.

# Пехуымпар Наумы чиныг

Ацы цыбыр чиныг фыст у, Ассириаг империйы сæйраг сахар Ниневи пырхгонд кæй æрцæудзæн, уый рагацау загъд кæй уыдис, уыл. Чырыстийы райгуырды агъоммæ, IX æнусæй райдайгæйæ, Ассири йæ дæлбар кодта æмæ æгъатырæй ссæста Хæстæг Скæсæны чысыл паддзахæдтæ. Уыдоны 'хсæн уыдысты, ассириæгтæ йæ адæмы VIII æнусы кæрон уацары кæмæн акодтой, уыцы Израил, æмæ ахæм хъысмæтæй тыххæй чи аирвæзт, уыцы Иудей дæр (кæс: 4 Пад 18–19). Ниневи йæ рады пырхгонд æрцыди вавилойнаг-мидиаг æфсæдты къухæй 612 азы. Чиныг рагацау комкоммæ дзуры уыцы цаутыл.

Зæххыл æппæтæй тыхджындæр чи зынд, уыдон æвиппайды аззадысты æдыхæй, æнæ фæхæцæгæй. Пехуымпар Наумы цæсты уый хуымæтæджы радон хæст нæу бæстæтæ æмæ адæмты 'хсæн – уый у Хуыцауы æфхæрд, иннæ адæмты чи ссæста æмæ Сфæлдисæджы стырад кæй нæ уырныдта, уыцы æгъатыр æмæ галиу паддзахадæн.

---

**1** Рагуац Ниневийы тыххæй. Елкошаг Наумы чиныг — цæстылуайæнты йын цы раргом ис, уый.
2 Дунедарæг у æнувыддзинад домæг æмæ
мастисæг Хуыцау, Йæ маст Ын бауромæн
нæй. Дунедарæг Йæ маст райсы Йе знæгтæй,
йæ фыдгултæн нæ ныббары. 3 Дунедарæг
Йæ маст исынмæ нæ тагъд кæны. Æгæрон
у Йæ хъомыс, хæрам митæ æнæ 'фхæрдæй
нæ ныууадзы. Уадтымыгъ æмæ тыгъдызæйы рацæйцæуы Дунедарæг, æврæгъ-
тæ рыджы хуызæн бассæнды Йæ къæхты
бын. 4 Денджызмæ куы бартхъирæн кæна,
уæд бахус уыдзæн, цæугæдæттæ байсыс-
дзысты, Башан æмæ Кармелы сæрвæт-
тæ бахус уыдзысты, баруайдзæн Ливаны
рæсугъддзинад.
5 Хæхтæ нынкъуысынц, къуылдымтæ ныз-
зыр-зыр кæнынц, зæхх, æппæт дуне æмæ йæ
цæрджытæ нырризынц Йæ разы.
6 Чи фæлæудзæн Йæ масты ныхмæ? Йæ
масты пиллæттæн чи бафæраздзæн? Пил-
лон артау ныккалы Йæ маст, æмæ Йæ разы
къæдзæхтæ ныппырх вæййынц!
7 Хæларзæрдæ у Дунедарæг, бæллæхы за-
ман — æмбæхсæн. Йæ зæрдæ Йыл чи дары,
уыдоны нæ рох кæны. 8 Фæлæ ацы сахар
фесафдзæн, доны бын æй фæкæндзæн, Йе
знæгты саудалынгмæ ныппардзæн!
9 Дунедарæджы ныхмæ фыдвæндтæ цæ-
мæн аразут? Ныццæгъддзæн уæ, æмæ знаг
ногæй нал сыстдзæн.
10 Какон сындзытау сыздыхстысты кæрæ-
дзиуыл, ныррасыг сты сæнæй, хус хъæмпау
басудздзысты!
11 Ниневи, дæуæй рантысти, Дунедарæджы
ныхмæ фыдвæндтæ чи аразы, æнæхуыцау
уынаффæтæ чи кæны, уый!
12 Дунедарæг афтæ зæгъы:
«Кæд сын цæдисонтæ ис æмæ æнæны-
мæц сты, уæддæр бабын уыдзысты æмæ
сæ кой дæр нал уыдзæн. Дæу та, Иудей, кæд
ныронг хъизæмарæй мардтон, уæд нырæй
фæстæмæ афтæ нал уыдзæн. 13 Æз дын ныр
де знæгты 'фсондз ныссæтдзынæн, раппар-
дзынæн æй дæ бæрзæйæ, дæ рæхыстæ дын
арæдувдзынæн».
14 Ниневи, дæуæн та Дунедарæг афтæ ба-
кæндзæн: дæ мыггаг дын сыскъуындзынæн.
Дæ хуыцауы хæдзары цы джиппыуагъд
хуыцаугæндтæ æмæ гуымирытæ ис, уыдон
дын ныззыгуым кæндзынæн, дæу та, ницæ-
йаджы, ингæны хай бакæндзынæн.
15 Хæхты бæрзæндтыл фарны уац хæссæг
рацæуы. О, Иудей! Кæн дæ бæрæгбæттæ,
æрхæсс дæ фидыды нывæндтæ! Æнæхуы-
цæуттæ нал бацæудзысты дæ зæхмæ, уымæн
æмæ се сæфт æрцæудзæн.

**2** Дæ ныхмæ рацыди дæрæнгæнæг! Дæ фидæрттæ æмæ дæ фæндæгтæ хъахъхъæн, дæ
астæу æрбабæтт æмæ дæ тыхтæ æрбамбырд
кæн. 2 Дунедарæг ногæй скадджын кæндзæн
Израилы, кæд æй абырджытæ бастыгътой
æмæ йын йæ сæнæфсиры талатæ бассæс-
той, уæддæр.
3 Йæ хæстонтæн сæ уæртытæ — сырх, йе
'фсæддонтыл — туджызылд дарæс; хæс-
тæввонгæй æрттивынц йæ тохуæрдæттæ,

фæйлауынц æрцытæ. 4Хæстон уæрдæттæ
фæцæйтæхынц уынгты, фæзты дыууæрдæм
кæнынц, цырæгътау цæхæртæ калынц, æр-
вæрттывдау ферттивынц.
5Ассирийы паддзах йæ хуыздæр хæстон-
тæм сиды, фæкæлфæкæлгæнгæ, фезгъо-
рынц. Сахары систæм сбырыдысты, фæ-
лæ ныридæгæн сæ разы знаджы гæнæхтæ
сырæзтысты.
6Цæугæдоны ауазæнтæ ратыдтой, знæгтæ
дæрæн кæнынц паддзахы галуан. 7Уымæн
æмæ ахæм уынаффæ рахастæуыд: Ниневийы
сахар гомгæрццæй аззайдзæн, йæ цæрджы-
ты йын уацары акæндзысты. Йæ унæуттæ
марой кæнынц, сæ риутæ хойынц бæлæттау!
8Аразгæ цады дон йæ ауазæнтæй куыд
ратоны, уыйау адæм лидзынц Ниневийæ.
Хъæр сæм кæнынц: «Æрлæууут-ма! Æрлæууут!»
Фæлæ дзы иу дæр не здæхы фæстæмæ.
9Хæлоф кæнут æвзистыл! Сыгъзæрин да-
вут! Сæ хæзнатæ æнæнымæц сты, банымa-
йæн дæр сын нæй.
10Сафтид ис, хæлæттаг фæци, гæныстонмæ
ꞌрцыди сахар. Адæмæн фыр тæссæй сæ зæрдæ-
тæ фегуыппæг вæййынц, сæ уæрджытæ сæхи
хойынц кæрæдзиуыл, сæ буæрттæн сæ дыз-
дыз цæуы, сæ цæсгæмттæ ныффæлурс сты.
11-12Кæм ис ныр Ниневи, домбæйтты лæ-
гæт, сырдты цæрæнуат чи уыди, уый? Нæл
æмæ дзы мадæл домбæйттæ ꞌмбæхстысты,
сæ лæппынты сын уым хъыгдарæг нæ уыд.
Нæл домбай йæ цотæн цыди цуаны, мадæл
домбæйттæн амæттæгты хурх кодта, йæ лæ-
гæттæ-иу байдзаг кодта æфтиæгтæй, мард
цæрæгойтæй.
13Уæларвæфсады Бардарæг афтæ загъы:
— Æз дæ ныхмæ сыстадтæн! Дæ тохуæр-
дæттæ дын арты фæздæджы басудздзынæн,
дæ лæппынты дын кардæй ныццæгъдын
кæндзынæн, де ꞌфтиæгтæ дын иууылдæр
фесафдзынæн зæххыл! Дæ минæвæрттæ дын
дунейыл дæ кады хабæрттæ нал айхъуысын
кæндзысты.

**3** Додой йæ къона тугæйдзаг сахарæн! Йе-
мыдзаг у фæлывд æмæ лæгмарæй, стигъы-
нæн дзы нæй кæрон!
2Ехсы къæрццытæ, цæлхыты гыбар-гыбур
хъуысынц, бæхты мыр-мыр цæуы, тохуæр-
дæттæ гыбар-гыбур кæнынц. 3Размæ тæхы
бæхæфсад, цæхæртæ калынц æрцытæ, æрт-
тивынц кæрдтæ.
Цас мæрдтæ ис, цас! Мæрдты кæритæ,
æнæнымæц мæрдтæ! Адæм сыл фæкæл-
фæкæл кæнынц.
4О, хæтаг сылгоймаг, рæсугъд æмæ дæсны
кæлæнгæнæг! Адæмты æмæ знæмты ныууæй
кодтай дæ хæтын æмæ дæ кæлæнтæй. Æз
уый тыххæй сыстадтæн дæ ныхмæ, — загъы
Уæларвæфсады Бардарæг, — 5дæ фæччи дын
дæ цæсгомы онг сфæлдахдзынæн, адæмтæн
дæ равдисдзынæн бæгънæгæй, дæ худинаг
дын паддзахæдтæн фенын кæндзынæн. 6Фа-
джысы бын дæ фæкæндзынæн, куыд сæгад
дæ, уый алчидæр куыд уына, афтæ. 7Чи дæ
фена, уый дæ цурæй алидздзæн æмæ загъ-
дзæн: «Ныззыгуым ис Ниневи!» Ничи дыл
скæудзæн, ничи дын фæтæригъæд кæндзæн.
8Цæмæй хуыздæр дæ Но-Амоны сахарæй,
цæугæдæтты астæу чи ис, уымæй? Уымæн
йæ алыварс — дон, денджыз — йæ гæрæн, йæ
систæ — доны уылæнтæ. 9Эфиопийы цæр-
джытæ æмæ мысырæгты æнæнымæц æф-
сæдтæ йæм æххуысмæ цыдысты, Пут æмæ
Ливийы цæрджытæ уыдысты йæ цæдисонтæ.
10Фæлæ уæддæр хаст æрцыдысты йæ адæм,
уацары сæ акодтой. Йæ сабиты йын, фæндаг
кæм акъабуз ис, ахæм рæтты фæмардтой.
Хæлттæ сæппæрстой, æмæ йын се ꞌхсæн
байуæрстой йæ уæздæтты, се ꞌппæты дæр
рæхыстæй сбастой. 11Гъемæ уæдæ ды дæр
ныррасыг уыдзынæ, знæгтæй фервæзыныл
дзæгъæлы архайдзынæ.
12Дæ фидæрттæ сты легъуи бæласы рæ-
гъæд дыргъты хуызæн: куы сæ бауигъай,
уæд, чи сæ хæры, уымæн йæ дзыхмæ ꞌрхау-
дзысты. 13Дæ хæстонтæ тæппуд сты сылгой-
мæгтау. Дæ бæстæйы кулдуæрттæ уæрæх
байгом сты дæ фыдгултæн, се ꞌвдузæнтæ
арты басыгъдысты.
14Дон сис дæхицæн æмæ йæ æрæфснай,
уымæн æмæ дыл знæгтæ æрхъула кæндзыс-
ты. Дæ гæнæхтæм дæр базил! Æлыг змæнт,
агуыридуртæ араз, сфидар кæн дæ систæ!
15Уæддæр басудздзынæ арты, карды амæттаг
бауыдзынæ! Цыма дæ мæтыхтæ бахордтой,
уыйау де сæфт æрцæудзæн.
О, сбирæ у мæтыхтау! 16Арвыл стъалытæ
уый бæрц нæй, дæумæ сæудæджертæ цас
ис, фæлæ сæ базыртæ айтындздзысты æмæ
мæтыхтау атæхдзысты.
17Дæ хæстонтæ æнæнымæц сты мæтыхтау,
де ꞌфсæддон хицæуттæ сбирæ сты бындзытау.
Уазал бон систæм сбырынц, фæлæ, куыддæр
хур ракæсы, афтæ алырдæмты фæтæхынц,
æмæ сын сæ фæд ссарæн дæр нал вæййы.
18Ассирийы паддзах! Дæ фыййæуттæ фы-
нæй кæнынц, де ꞌлдæрттæ хуыссынц. Дæ
адæм ныххæлиу сты хæхты, чи сæ æрæм-
бырд кæна, уый дæр нæй. 19Дæ цæф дын

ничи сдзæбæх кæндзæн, нæ байгас уыдзæн
дæ хъæдгом. Дæ фыдбылызы хабар дын
чидæриддæр фехъуса, уый нымдзæгъд
кæндзæн, уымæн æмæ дын де ’нæкæрон
æгъатырдзинад йæхиуыл чи нæ бавзæрста,
ахæм нал баззад.

# Пехуымпар Аввакумы чиныг

Дунейы истори фаг æххæст у алыхуызон фыдракæндтæ æмæ тыхмитæй. Хуыцау ахæм хабæрттæ Йе ’взæрст адæмæн дæр цæмæн бавзарын кæны? Хуыцау раст у, уый зæгъæн ис? Уыдæттыл сагъæс кæнгæйæ, пехуымпар Аввакум мидхъуырдухæны бацæуы.

Чиныджы фыццаг æмæ дыккаг сæрты ацы фарст æвзæрст цæуы Аввакум æмæ Хуыцауы ’хсæн диалоджы хуызы, Чырыстийы райгуырды агъоммæ VII æнусы кæрон цы цаутæ æрцыдис, уыдоны хæдуæлвæд. Цæгатаг дзуттаг паддзахад Израил знаджы къухæй ныппырх ис. Хуссайраг паддзахад Иудей кæд нырма йæ къахыл лæууыд, уæддæр уый дæр фаг æххæст уыдис тæригъæдтæ æмæ æгъдаухæлдæй. Умæ гæсгæ йæм разæй цы бæллæхтæ ’нхъæлмæ кастысты, уыдон уыдысты, паддзахадæн йæхимидæг цы фыддзинад абухта, комкоммæ уый фæстиуæг.

Уыцы рæстæг йæ тыхы цæуын байдыдта, халдейаг адæм хицауиуæг кæм кодтой, уыцы Вавилоны паддзахад. Тыхджын Ассириаг импери ныппырх кæнгæйæ, вавилойнæгтæ дарддæр сæ бархъомыс парахат кодтой Хæстæг Скæсæны, Иудеймæ дæр сæхи æвваxсæй-æввахсдæр ласгæйæ. Уыцы заман Хæстæг Скæсæны æппæт адæмтау вавилойнæгтæ дæр куывтой гуымирытæм æмæ фыр сæрхызтæй нæ тарстысты Хуыцауæй. Вавилойнæгты хицаудзинад ахæццæ ис Чырыстийы райгуырды агъоммæ 539 азмæ, цалынмæ сæ персайнæгтæ нæ ныппырх кодтой, уæдмæ.

Ацы чиныджы æртыккаг сæр фыст у псаломы хуызы. Умæн æвдисæн сты йæ сæргонд æмæ, зарын æй куыд æмбæлы, уый фæдыл амындтытæ. Хуыцау дзы æвдыст цæуы, нæргæ арвыл Йæ адæммæ æхххуысмæ чи тындзы, ахæм сахъ хæстоны хуызы. Зарæджы фæлгонцтæ зæрдыл æрлæууын кæнынц Хуыцауы фæзынд Синайы хохыл (кæс: Рацыды чиныг).

---

**1** Пехуымпар Аввакумы цæстылуа-
йæн — рагуац.
[2]О Дунедарæг! Кæдмæ Дæм сидон æз
æххуысмæ, цæмæй мæ фехъусай? Фæдис-
хъæр Дæм кæдмæ кæнон, тыхгæнæгæй
кæд фервæзын кæндзынæ? [3]Цæмæн мын
уынын кæныс фыдбылызтæ, фыддзинадмæ
æвæлмасæй куыд кæсон? Мæ алыварс —
тыхмитæ, стыгъд, фыдæх, хъаугъатæ нæ
сабыр кæнынц. [4]Æгъдау йæ тых дæр уымæн
фесæфта, рæстдзинад нал ис. Æнæхуыцау
фæуæлахиз рæстгæнæгыл, раст тæрхон
сзыгъуыммæ ис.
[5]Акæсут-ма адæмтæм лæмбынæг — стыр
дисы уæ бафтаудзысты. Умæн æмæ уæ
заманы Æз ахæм хъуыддаг саразддзынæн,
æмæ уын рагацау исчи йæ кой куы скодта-
ид, уæд уæ нæ бауырныдтаид. [6]Æз уын уæ
ныхмæ сыстын кæндзынæн халдейæгты,
æгъатыр æмæ знæт адæмы. Уыдон æппæт
зæххыл æрзилдзысты, цæмæй кæйдæр хъæу-
тæ бацахсой.
[7]Карз æмæ тæссаг сты, сæхæдæг сты хи-
цæуттæ сæхицæн, сæхи ’гъдæуттæ сын ис.
[8]Сæ бæхтæ — фыранчытæй рогдæр, æхсæ-
вы бирæгътæй хъæхъхъагдæр. Сæ барджы-
тæ дугъæй уайынц, дардæй æрбатæхынц,
цыма цæргæс йæ амæттагмæ тæхы, уыйау.
[9]Иууылдæр стигъынмæ фесты, æхсидгæ
зилгæ дымгæйау размæ бырсынц æмæ уа-
цайрæгты змисау æмбырд кæнынц. [10]Хъа-
зынц паддзæхтæй, хынджылæг кæнынц
бæстыхицæуттæй, худынц фидæрттыл. Сы-
джытбырутæ саразынц æмæ сæ басæттынц.
[11]Зилгæ уадау сæ фæндагыл алцы ныссæр-
фынц, æдзæрæг быдыр фестын кæнынц. Сæ
хъару — сæ хуыцау.
[12]О Дунедарæг, ау, Ды æнусон нæ дæ? Мæ
Уаз Хуыцау, Ды æнæмæлæт дæ!
О Дунедарæг! Ды уыдоны Дæ тæрхон сæх-
хæст кæнынмæ рарвыстай! Мæ Фидар Къæ-
дзæх! Хъару сын радтай, цæмæй нæ бафхæ-
рай! [13]Фæлæ æгæр сыгъдæг сты Дæ цæстытæ
фыдракæндтæ уынынæн. Бæллæхмæ кæсын

нæу Дæ бон. Уæдæ фæлитойтæм куыд кæ-
сыс? Фыдгæнæг æнаххосы куы фæныхъуыры,
уæд куыд фæлæууыс æдзæмæй?
14Ды адæмы скодтай денджызы кæсæгты,
хицау кæмæн нæй, ахæм доны змæлæгойты
хуызæн. 15Фыдгул сæ йе 'нгуырæй сласы,
кæсагахсæн хызæй сæ ахсы, йæ зæрдæ ра-
йы фыр цинæй. 16Йæ ахсæн хызтæн хæссы
нывæндтæ æмæ сын буд судзы, уымæн æмæ
уыдæтты фæрцы у фыр хъæздыг, дзадж-
джын сты йæ фынгтæ. 17Фæлæ кæдмæ æвзид-
дзæн кардæй, æгъатырæй адæмты кæдмæ
цæгъддзæн?

**2** Гæнахы сæрыл хъалагъур лæууын æмæ
æнхъæлмæ кæсын, Дунедарæг мын цы зæгъ-
дзæни, мæ хъастæн мын цы дзуапп ратдзæ-
ни, уымæ. 2Æмæ мын Дунедарæг загъта: «Цы
дын раргом кæнон, уый-иу къæйдуртыл
дзæбæх ныффысс, чи йæ кæса, уый йæ æнцо-
нæй куыд равзара, афтæ. 3Ацы цæстылуайæн
баст у фидæнимæ, фæстаг заманимæ, æнæ
'рцæугæ йын нæй. Уайтагъд куы не 'рцæуа,
уæддæр æм æнхъæлмæ кæс, уымæн æмæ
сæххæст уыдзæн бæлвырд».
4Æнæхуыцауы зæрдæ къæйныхдзина-
дæй — йемыдзаг, рæстгæнæг та йæ уыр-
ныдзинады фæрцы цæрдзæни. 5Хъæз-
дыгдзинадыл нæй зæрдæ дарæн, кæрæф
адæймаг æнцой нæ зоны; мæрдтыбæстау
ныххæлиу кæны йæ ком, бафсис ын нæй
мæлæтау. Æппæт адæмтæ æмæ знæмты
бакæны йæ дæлбар. 6Фæлæ йыл уыдон сæхи
худæгæй хæсдзысты æмæ, хынджылæггæн-
гæ, дзурдзысты: «Додой йæ къона, искæй
фæллæйттæ чи ссивы, тыхтонайы фæрцы
йæ исбоныл чи æфтауы, уымæн! Бирæ ма
дын бантысдзæн?!»
7Хæсджын кæмæй дæ, уыдон искæд бон
æвиппайды дæ ныхмæ сыстдзысты, райхъал
уыдзысты æмæ дæ стыр тасы бафтаудзысты,
сæ амæттаг бауыдзынæ. 8Бирæ адæмты бас-
тыгътай, æмæ дын дæхи дæр иннæ адæмтæ
афтæ бастигъдзысты, адæмы туг кæй фæ-
калдтай, бæстæтæ, сахартæ æмæ сын се
'ппæт цæрджыты хæлæттаг кæй фæкодтай,
уый тыххæй.
9Додой йæ къона, галиу миты фæрцы йæ
хæдзары исбоныл чи æфтауы, цæмæй фыд-
былызæй фервæза, уый тыххæй йæ ахстон
бæрзонд чи саразы, уымæн! 10Бирæ адæмты
сафгæйæ, фæхудинаг кодтай дæ хæдзар,
æмæ дæм уый тыххæй æнхъæлмæ кæсы
мæлæты тæрхон. 11Дуртæ систы хуылфæй
ныхъхъæр кæндзысты, бафæзмдзысты сæ
хъæдын хъæйвантæ: 12«Додой йæ къона, йæ
сахар туг æмæ фыдмитыл чи аразы, уымæн!»
13Уæларвæфсады Бардарæг рагацау снысан
кодта: адæмты фæллæйттæ арты басудз-
дзысты, сæ хъиамæт æнæпайда фæуыдзæн.
14Денджыз донæй йемыдзаг куыд у, афтæ
зæхх дæр, Дунедарæг цæйбæрц кадджын у,
уыцы зонынадæй байдзаг уыдзæн.
15Додой дæ къона, йæ хионæн Дунедарæ-
джы масты кæхцæй чи нуазын кæны, цалын-
мæ дзы срасыг уа, уæдмæ, цæмæй йын уый
фæстæ йæ худинаг фена! 16Уымæй дæхи не
скадджын кæндзынæ, — фегад уыдзынæ!
Уæдæ ныр дæхæдæг дæр бануаз æмæ дзой-
дзой кæн! Дунедарæджы рахиз къухы цы
кæхц ис, уый дæумæ дæр бахæццæ уыдзæн,
æмæ худинаджы бын фæуыдзынæ! 17Ливаны
цы фыдмитæ фæкодтай, уыдоны тыххæй
æфхæрд баййафдзынæ, фыр тæссæй дыл
ризæг бахæцдзæн, уымæн æмæ æгъатырæй
цæрæгойты ныццагътай, ныккалдтай адæ-
мы туг, æнæхъæн бæстæ, сахартæ æмæ сын
се 'ппæт цæрджыты ныххæлæттаг кодтай.

18Цы пайда ис, æрмдæсны кæй саразта,
уыцы хуыцаугондæй, æрмæст мæнгдзина-
дыл чи ахуыр кæны, уыцы джиппыуагъд
гуымирыйæ? Æрмдæсны æууæнды йæхи
къухæй конд дзаумайыл, афтæмæй уый та
æгомыг гуымирыйæ уæлдай ницы у.
19Додой йæ къона, суджы лыггагмæ, рай-
гас у, зæгъгæ, чи сиды, æгомыг дурæн, сыст,
зæгъгæ, чи дзуры! Ау, уыдон æй истæуыл
сахуыр кæндзысты? Кæд сыгъзæрин æмæ
æвзистæй конд сты, уæддæр сæ мидæг уд
нæй. 20Дунедарæг та цæры Йæ уаз Кувæн-
доны. Æгас зæхх Йæ разы ныхъхъус уæд!

**3** Пехуымпар Аввакумы куывд-хъарæг.
2 О Дунедарæг! Дæ кады кой Дын
фехъуыстон,
Дæ хъуыддæгтæ мæ тасы бафтауынц.
Дунедарæг! Нæ заманы сæ ногæй
равдис!
О, мæстæй судзгæйæ, Дæ хорзæх дæр
æрымыс!

3 Теманæй æрбацæуы Хуыцау,
Уаз Хуыцау фæзынд Параны хохæй.
Йе стырад æрæмбæрзта уæлæрвтæ,
байдзаг ис Йæ кадæй зæхх.
4 Тæмæнтæ калы хурау,
Йæ къухтæй рухс тынтæ фæйнæрдæм
ивылынц,
сæ мидæг æмбæхст у Йæ хъомыс.

5 Йæ разæй рын цæуы, Йæ
фæдыл — емынæ;
6 сыстади, нынкъуысын кодта зæхх.
Йæ цæстæнгасæй адæмтыл ризæг
бахæцыд;
ныппырх сты æнусон къæдзæхтæ,
рагон къуылдымтæ зæххимæ сиу сты;
Йæ фæндæгтæ — æнусон.
7 Æрæнкъард сты Кушаны цæрджыты
цатыртæ,
ныррызтызты мидианæгты
хæдзæрттæ.

8 О Дунедарæг! Ау, Дæ маст цæугæдæт-
тæм ссыгъди?
Æви Дын денджызмæ рафыхти?
Дугъы куы уайыс Дæ бæхтыл,
уæлахизгæнæг тохуæрдæттыл!
9 Ды айвæзтай Де 'рдын,
йæ фатдон ын байдзаг кодтай фаттæй.
Ныскъуыдтæ кодтай дæттæй зæхх,
10 ныррызтысты Дæ уындæй хæхтæ.
Тыгъдызæй ныккалдта уæларвæй,
фурды æнæбын арф ныббогъ кодта,
йæ уылæнтæ систа хæрдмæ.
11 Де 'рттиваг тæхгæ фатты,
Де 'рцыты — цæхæркалгæ
арвæрттывдты раз
хур æмæ мæй бандзыг сты уæлæрвты.

12 Фыр мæстæй бассæстай зæхх.
Дæ маст ссыгъд — Дæ къæхты бын
ныккодтай адæмты!
13 Ды рацыдтæ Дæ адæмы,
Дæ байсæрст паддзахы фервæзын
кæнынмæ.

Фыдгæнджытæн сæ балхоны
ныммардтай,
йæ хæдзар ын йæ бындуры онг ным-
пырх кодтай.
14 Зилгæ уадау æрбабырстой йæ
хæстонтæ,
цæмæй нæ фесафой!
Æнаххосы æвиппайды ныхъуырын
уыди сæ зæрды —
сæ балхоны сын Ды
йæхи арцæй ныррæхуыстай!
15 Дæ бæхтыл айгæрстай Ды денджызы
фæндаг,
йæ уылæнтæ йын сызмæстай.

16 Куы фехъуыстон æз ацы уац —
мæ зæрдæ барызти.
Дæ хъæлæсæй ныззыр-зыр кодтой
былтæ,
рыст ме стджыты дæр ахызти.
Мæ къæхты бын æз нал æмбæрстон
зæхх,
фæлæ фæразонæй кæсдзынæн æз
æнхъæлмæ
не знæгты фыдбылызмæ.

17 Легъуи бæлас дидинæг куынæ ракала,
сæнæфсиры талайыл дыргъ куынæуал
фæзына,
куы ницы 'рзайа оливæ бæлæстыл,
хуымтæ дæр тыллæг куынæ раттой,
фосдоны куынæуал баззайа фыс,
скъæты — стурвос,
18 уæд дæр æз цин кæндзынæн
Дунедарæгыл,
мæ зæрдæ райдзæнис Хуыцауæй, мæ
Ирвæзынгæнæгæй.

19 Дунедарæг Хуыцау — мæ хъару!
Мæ къæхтæ мын саджы хуызæн сфи-
дар кæндзæн,
ахондзæн мæ нæ хæхты бæрзæнд-
тæм! [Зарджыты къорды ра-
замонæгæн: хъисфæндырты
цагъдимæ.]

# Пехуымпар Софониайы чиныг

Пехуымпар Софониа Хуыцауы ныхас адæммæ хæццæ кодта Чырыстийы райгуырды агъоммæ VII æнусы дыккаг æмбисы, æвæццæгæн, паддзах Осиайы дины реформæты размæ (кæс: 4 Пад 22–23). Чиныджы сæйраг темæ у, пехуымпар Амос рагагъоммæ кæй тыххæй загъта, Дунедарæджы уыцы Тæрхоны бон. Софониа дзырдта, уыцы тæссаг бон куы ралæууа, уæд Хуыцау, Йæ коммæ чи нæ кастис, уыдоны кæй бафхæрдзæн æмæ Иудей æмæ йæ сыхаг адæмты дæр æвыдæй кæй нæ ныуудздзæн. Ацы чиныджы Тæрхоны бон æппæт зæххон историйы фæудыл нымад нæ цæуы – уый у, Хуыцауы адæм тæригъæдæй æмæ æгоммæгæс уæвынæй æцæг куы ссæрибар æмæ куы ссыгъдæг уыдзысты, уыцы бон.

Йæ цæрджыты тæригъæдты аххосæй æфхæрд баййафыны фæстæ Йерусалимы сахар ногæй сырæздзæн, сæрныллæг æмæ раст адæм дзы цæрдзысты. Цин æмæ кадæй æххæст уыдзæни сæ цард, æмæ Хуыцау Йæхæдæг паддзахиуæг кæндзæни се 'хсæн.

---

**1** Ацы чиныджы фыст æрцыди Софониайы
рагуац Дунедарæджы фæдзæхстмæ гæсгæ.
Йæ фыдæлтæ кæстæрæй хистæрмæ: Куши,
Гедалиа, Амариа, Езекиа. Дунедарæг ын ацы
рагуац фехъусын кодта, Амоны фырт Иосиа
Иудейы паддзахиуæг куы кодта, уыцы заман.
2Зæххы цъарæй фесафдзынæн æппæт
дæр, — зæгъы Дунедарæг, — 3адæм æмæ
фосы мыггаг сыскъуыйын кæндзынæн, уæларвон мæргъты æмæ денджызы кæсæгты
ныццæгъддзынæн, æнæхуыцæутты афæлдахдзынæн зæххыл, адæймагæн зæххыл йæ
кой дæр нал ныуудздзынæн. 4Иудей æмæ
Йерусалимы цæрджытæм дæр Æз Мæ къух
сисдзынæн, Баалæй сæм цыдæриддæр баззад, уыдон иууылдæр фесафдзынæн, суанг
йæ дæсныфæрсджытæ æмæ йæ сауджынты
нæмттæ дæр: 5уæлхæдзæрттыл стъалытæм
чи кувы, стæй Дунедарæгмæ дæр æмæ Милкоммæ дæр чи кувы, сæ дыууæйæ дæр сомы
чи кæны, 6стæй, Дунедарæгмæ йæ чъылдым
чи раздæхта, чи Йæ нæ агуры æмæ Йæ чи нæ
фæрсы, уыдоны.
7Ныхъхъус ут Дунедарæг Хуыцауы раз!
Дунедарæгæн Йæ тæрхоны бон æрæввахс.
Йæ нывонд дæр æрцæттæ кодта, ныридæгæн
фæхуыдта уазджыты.
8Дунедарæджы нывондхæссæн бон куы
ралæууа, уæд Æз уæздæтты æмæ паддзахы фыртты, стæй, æцæгæлæтты дарæс кæуылдæриддæр ис, уыдоны се 'ппæты дæр
бафхæрдзынæн. 9Уыцы бон муртаттæгты
æгъдаумæ гæсгæ къæсæрыл андзæвын
дæр чи нæ уæнды æмæ йæ сæрты чи гæпп
кæны, Дунедарæджы хæдзар тыхми æмæ
мæнгдзинадæй чи байдзаг кодта, уыдон
иууылдæр бавзардзысты Мæ азар. 10Уыцы
бон, — зæгъы Дунедарæг, — Кæфты кулдуарæй райхъуысдзæн хъарæг, Мишнейæ — дзыназын, къуылдымтæй — æбуалгъ
гыбар-гыбур.
11Кæут, Махтешы цæрджытæ, уымæн æмæ
сæудæджертæ æмæ уæйгæнджытæ иууылдæр бындзагъд фæуыдзысты! 12Уыцы бон
Æз Йерусалимыл цырагъимæ æрзилдзынæн
æмæ бафхæрдзынæн, йе 'нхъизæныл цы сæн
ныббадти, уыйау цы адæмтæ бандзыг сты,
уыдоны, сæ мидзæрдæйы афтæ чи зæгъы:
«Дунедарæг нын хорзæй дæр æмæ æвзæрæй
дæр ницы ракæндзæн». 13Сæ исбон хæлæттаг фæуыдзæн, сæ хæдзæрттæ заууатмæ
æрцæуыдзысты. Сæхицæн хæдзæрттæ сараздзысты, фæлæ сæ нæ цæрдзысты, сæндæттæ скæндзысты, фæлæ сæны хъæстæ
нæ фæуыдзысты.
14Дунедарæджы тæрхоны бон æрæввахс!
Ралæудзæни тагъд! Ныридæгæн йæ уынæр
хъуысы! Уыцы бон куы ралæууа, уæд суанг
хъæбатыр хæстонтæ дæр ныдздзыназдзысты! 15Уый уыдзæни карз тæрхоны, удхар
æмæ хъизæмары, гæныстон æмæ сæфты,
саудалынг æмæ тары, асæст æмæ тымыгъы
бон. 16Уыцы бон сыкъауадындзтæ ныуудзысты, тохмæсидæг хъæртæ райхъуысдзысты бырутæй æхгæд сахартæ æмæ бæрзонд
фидæртты ныхмæ. 17Æз адæмыл ахæм æвирхъау тас бафтаудзынæн, æмæ куырмытау
рафт-бафт кæндзысты, Дунедарæджы раз
тæригъæдджын кæй фесты, уый аххосæй. Сæ
туг алы ран зæххы рыгау ныппырх уыдзæн,

сæ буæрттæ фаджысау зæххыл лæзæрдзысты.
18 Дунедарæгæн Йæ азары бон куы ралæууа,
уæд сæ нæдæр се ’взист, нæдæр сæ сыгъ-
зæрин фервæзын кæндзысты. Дунедарæ-
джы зæрдæхсайды арт аныхъуырдзæн æгас
зæхх, уымæн æмæ æппæт зæххон цæрджыты
æвиппайды бынсæфт фæкæндзæн.

**2** О æдзæсгом адæм!
Тыхстызмæлд кæнут,
2 цалынмæ, Дунедарæг цы снысан
кодта,
уый нæма сæххæст,
бонтæ, дымгæ зыгуым куыд
ныффæйлауы,
афтæ нæ атахтысты,
цалынмæ уæ Дунедарæг
Йæ масты пиллон артæй нæ басыгъта
æмæ уæ Йæ азар нæ баййæфта,
уæдмæ.
3 Зæххыл сæрныллæгæй чи цæры
æмæ Йын Йе ’гъдæуттæ чи æххæст
кæны —
агурут Дунедарæджы!
Рæстдзинад уарзгæйæ цæрут, сæр-
ныллæг ут
æмæ, чи зоны, Дунедарæджы азары
бон
фыдбылызæй хызт уаиккат.
4 Газæйы сахар сафтид уыдзæн,
Ашкелон гæныстонмæ æрцæуудзæн,
ашдодæгтæ тард æрцæуудзысты сæ
сахарæй,
быныскъуыд фæуыдзæн Екрон.
5 Додой уæ къона, фурды был цæрджы-
тæ, критæгтæ!
О Ханаан, филистимæгты зæхх!
Дунедарæг дын рахаста тæрхон:
«Фесафдзынæн дæ,
иунæг цæрæг дыл нал баззайдзæн!
6 Денджызбыл бæстæ фыййæутты
фосдон,
лыстæг фосы хизæнуат фестдзæн,
7 Иудæйы фæстагæттæй ма чи аирвæза,
уыдоны хай бауыдзæн;
сæ фос хиздзысты уым,
Ашкелоны хæдзæрттæ сын фосдарæн
уыдзысты,
уымæн æмæ сæм Дунедарæг
æркæсдзæн,
уацарæй сæ суæгъд кæндзæн».
8 Æз федтон: моавæгтæ æмæ
аммонæгтæ
Мæ адæмæй хъазыдысты,
сæхи сыл худæгæй хастой
æмæ сын сæ зæхмæ æртхъирæн
кодтой.
9 Уæдæ Æз, Уæларвæфсады Бардарæг,
Израилы Хуыцау,
сомы кæнын Мæхицæй!
Моавæгтæ æмæ аммонæгтæ
Содом æмæ Гоморрæйы хал
ахæрдзысты!
Сæ зæххытæ хæмпæлгæрдæгæй нал
зындзысты,
гæныстонмæ ’рцæудзысты,
æдзæрæг быдыр фестдзысты
мыггагмæ!
Мæ адæмæй ма чи аирвæза,
уыдон сæ ныххæлæттаг кæндзысты,
уыдоны исбон бауыдзысты.
10 Ахæм æфхæрд баййафдзысты,
Уæларвæфсады Бардарæджы адæмæй
хынджылæг кæй кодтой æмæ сæм
æнæввæрсонæй
кæй кастысты, уый тыххæй.
11 Дунедарæг æппæт хуыцаугæндты куы
сæгад кæна,
уæд адæмы тасы бафтаудзæн,
æмæ Йын алы бæстæйы дæр
адæмтæ кувдзысты.
12 Эфиопæгтæ, сымах дæр
Мæ карды амæттаг бауыдзыстут!
13 Дунедарæг цæгатмæ Йæ къух сисдзæн
æмæ Ассирийы фесафдзæн,
Ниневийы сахар дурты кæри,
æдзæрæг быдыр фестын кæндзæн.
14 Фосы рæгъæуттæ æмæ хъæддаг
сырдтæ
дзы ривæд кæндзысты.
Сæ хæдзæртты кæлддзæгты
уыг æмæ сидахъхъ æрцæрдзысты,
рудзгуытæй сæ цъæлхъæр
хъуысдзæни;
хъæйвантыл халæттæ баддзысты,
тарвæзты нывæфтыд азгъæлдзæни.
15 Æнæмæтæй æмæ райгæйæ чи царди,
ацы сахар уый у?
Йæхинымæр-иу дзырдта,
мæнæн æмбал нæй зæххы цъарыл,
зæгъгæ,
фæлæ ныр мæнæ хæлддзæгты кæри
æмæ сырдтæн цæрæнбынат фестад.
Йæ цурты чи цæуа, уый ныхситт
кæндзæн
æмæ йыл йæ къух ауигъдзæн.

**3** Додой йæ къона, чи фæчъизи ис, уыцы
змæнтæг æмæ тыхгæнæг сахарæн! 2 Никæ-
мæ хъусы, йæхи атигъ кæны зондамындыл,

Дунедарæгыл йæ зæрдæ нæ дары æмæ йæ
Хуыцаумæ нæ кувы. 3Йæ уæздæттæ рыхынц
домбæйттау, йæ тæрхоны лæгтæ æхсæвдзу
бирæгътау райсоммæ стæг нал ныууадзынц.
4Йæ пехуымпартæ — ницæйаг æмæ мæнгард,
йæ сауджынтæ, уаз цы у, уыдæттæ фæчъизи
кодтой, Хуыцауы Æгъдау сæ къæхты бын
ныссæстой.

5Дунедарæг сахары у рæстгæнæг, галиу
хъуыддагæй ницы аразы. Æрвылрайсом,
куыддæр хур скæсы, афтæ раргом кæны Йæ
тæрхон, фæлæ фыдгæнæг æфсарм нæ зоны.

6Дунедарæг зæгъы:

— Æз ныццагътон адæмты, сæ фидæрт-
тæ сын ныппырх кодтон, сæ уынгты сын
цъиуызмæлæг нал ныууагътон, сæ сахартæ
сын хæлæттаг фæкодтон, иунæг цæрæг дзы
нал баззад. 7Æз хъуыды кодтон: ацы сахары
цæрджытæ Мæ тæрсдзысты, Мæ зондамынд
Мын сæ зæрдæтæм айсдзысты, æмæ сын уæд
сæ цæрæнбынат нæ фесафдзынæн, Мæ азар
сæ нæ баййафдзæн. Фæлæ уæ хъуыддæгтæ
фыддæрæй-фыддæр кодтой.

8Уæдæ æнхъæлмæ кæсут, — зæгъы Дунеда-
рæг, — Æз уæ ныхмæ æвдисæн цы бон ныл-
лæудзынæн, уымæ! Мæнæ уын Мæ тæрхон:
Æз æрæмбырд кæндзынæн адæмты æмæ æп-
пæт паддзахæдтæм фæсиддзынæн, цæмæй
сыл Мæ маст ныккалон, уымæн æмæ æгас
зæхх Мæ зæрдæхсайды артæй басудздзæн.
9Æмæ уæд Æз адæмты æвзæгтæ ссыгъдæг
кæндзынæн, цæмæй иууылдæр Дунедарæ-
джы ном арой æмæ Йын æмзæрдæйæ лæггад
кæной. 10Суанг Мын Эфиопийы цæугæдæтты
фале цы бæстæтæ ис, уырдыгæй дæр, Мæнæн
кад чи кæны, уыдон — хауæццаг кæй фæкод-
тон, уыцы адæм — æрбахæсдзысты хуынтæ.

11Уыцы бон дын Æз, Мæ ныхмæ цы тæри-
гъæдтæ фæкодтай, уыдон дæ цæстмæ нал
бадардзынæн, уымæн æмæ дын де 'хсæнæй
сæрыстыр æмæ æнæвввæрсон адæмы фæ-
сурдзынæн, æмæ уæд Мæ уаз хохыл схъæл
ныхæстæ нал кæндзынæ. 12Дæ зæххыл дын
ныууадздзынæн мæгуыр æмæ сæрныллæг
адæмы, уыдон сæ зæрдæ дардзысты Дунеда-
рæджы номыл. 13Израилæгтæй ма чи фервæ-
за, уыдон галиу хъуыддæгтæ нал кæндзысты,
сайæн æмæ мæнгард ныхас сæ дзыхæй нал
схаудзæн. Уыдон хиздзысты æмæ улæф-
дзысты фыстау, никæмæй сын уыдзæн тас.

14Зар, Сионы чызг! Дæ цины хъæр рай-
хъуысæд, Израил! Йерусалимы чызг, дæ
зæрдæ райæд фыр цинæй! 15Дунедарæг Йæ
тæрхон аивта, дæ фыдгулты дын фæсырдта!
Дунедарæг, Израилы Паддзах, демæ ис! Ны-
рæй фæстæмæ дын фыдбылызæй тас нал у!

16Уыцы бон Йерусалимæн загъдæуыдзæн:
«Ма тæрс!» Сионæн зæгъдзысты: «Фидар
лæуу!»

17Дунедарæг, дæ Хуыцау, демæ ис. Уый у
хъомысджын Хæстон, хъæру Йæм ис дæу
фервæзын кæнынæн. Ныццин дыл кæндзæн,
Йæ уарзтæй дæ басабыр кæндзæн, цины
зарæгимæ райдзæни дæ уындæй.

18Бæрæгбæттæ чи мысы, уыдонæн Æз фæ-
сурдзынæн сæ хъыгтæ, æмæ сæ худина-
джы уæзæй фервæздзысты. 19Уыцы заман
де 'фхæрджытæ се 'ппæт дæр бавзардзысты
Мæ азар. Æз фервæзын кæндзынæн къуылых
фысты æмæ, чи фæхауæццаг ис, уыдоны
æрæмбырд кæндзынæн. Æгадæй цы бæс-
тæты фæцардысты, уым сæ скадджын æмæ
сномдзыд кæндзынæн.

20Рæстæг куы 'рцæуа, уæд уæ Æз æрæм-
бырд кæндзынæн, уæ хæдзармæ уæ æрба-
кæндзынæн, æппæт зæххон адæмты 'хсæн
уын уæ ном æмæ уæ кады кой айхъуысын
кæндзынæн, æмæ уæхи цæстæй фендзыс-
тут, уæ раздæры фарн уын куыд раздæхтон,
уый, — зæгъы Дунедарæг.

# Пехуымпар Аггейы чиныг

Ацы къаннæг чиныджы ис æрмæстдæр дыууæ рагуацы, æмæ мах бæлвырдæй зонæм, кæд æмæ цæй фæдыл загъд æрцыдысты, уый. Чырыстийы райгуырды агъоммæ 586 азы вавилойнаг æфсад Йерусалимы ныппырх кодта Хуыцауы Кувæндон. Персайнæгтæ Вавилон куы бацахстой æмæ персайнаг паддзах Кир 537 азы дзуттæгтæн уацарæй сæ фыдыбæстæм аздæхыны бар куы радта, уæд уыдон бавнæлдтой Хуыцауæн ног Кувæндон аразынмæ, фæлæ кадавар мадзæлтты æмæ сыхаг адæмты ныхмæлæуды аххосæй уыцы фæндыл уайтагъд сæ къух систой.

520 азы Персайнаг империйы политикон змæстыты рæстæг Хуыцау раргом ис пехуымпар Аггеймæ (пехуымпар Захариайы æмдугон) æмæ йын загъта, цæмæй Израилы адæмæн фехъусын кæна Йæ фæндон æмæ Кувæндон аразын райдайой. Адæм байхъуыстой Аггеймæ æмæ аразынмæ бавнæлдтой, Хуыцау сын арфæ ракæнынæй ныфс бавæрдта, афтæмæй. Иудейы æххæстбарджын хицау Зоровавелы (дзуттаг паддзах Давиды байзæддаг) та Хуыцау равзæрста, цæмæй уыцы хъуыддагæн разамонæг уа æмæ стыр хъуыддæгтæ араза.

---

**1** Паддзах Дарийы хицаудзинадыл дыккаг
аз куы цыди, уæд æхсæзæм мæйы фыццаг
бон пехуымпар Аггей Шеалтиелы фырт Зо-
ровавелæн, Иудейы бæстыхицауæн, стæй
алчер Йешуайæн, Иоцадакы фыртæн, Ду-
недарæджы фæндон фехъусын кодта.
2-3 Дунедарæг пехуымпар Аггейæн загъта:
— Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
«Ацы адæм дзурынц, Дунедарæджы хæдзар
аразынæн афон нæма у, зæгъгæ. 4 Æмæ сы-
махæн та уæ хорз хæдзæрттæ цæрын афон
у, ацы хæдзар зауатмæ куы ’рцыди, уæд?»
5 Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
— Æркæсут-ма, куыд цæрут, уымæ: 6 сымах
бирæ байтаут, фæлæ тыллæг чысыл сисут;
хæрут, фæлæ не ’фсæдут; дон нуазут, фæлæ
уæ дойны нæ сæтты; уæ уæлæ дзаума скæнут,
фæлæ уын хъармы хос нæу; кусут, фæлæ уæ
чыссæтæ хуынчъытæ сты.
7 Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
— Æркæсут уæ цардмæ. 8 Хæхтæм ацæут,
самал кæнут хъæдæрмæг æмæ Кувæндон
саразут, Æз ын хæрзаудæн кæндзынæн æмæ
скадджын уыдзынæн, — зæгъы Дунедарæг.
9 Бирæ цæмæдæрты æнхъæлмæ кастыстут,
фæлæ уæ къухы чысыл йеддæмæ нæ бафтыд.
Уæ хæдзармæ цы ’рбахастат, уый уын Æз
дымгæмæ ныддардтон. Цæмæн? — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг. — Мæ Хæдзар
зауатмæ кæй æрцыди, сымахæй та алчи-
дæр æрмæст йæхи хæдзары мæт кæй кæ-
ны, уымæн. 10 Арв дæр уын йæ доны ’ртах
уымæн нал радта, æмæ уæ зæххыл тыллæг
нал æрзад. 11 Æз хус рæстæг æруагътон уæ
быдыртæ æмæ уæ хæхтыл, уæ хор, уæ сæ-
нæфсиры талатæ æмæ оливæ бæлæстыл,
адæм æмæ фосыл, уæ алы къухвæллойыл.
12 Шеалтиелы фырт Зоровавел, Иоцадакы
фырт Йешуа æмæ адæм иууылдæр сæ Дуне-
дарæг Хуыцаумæ æмæ пехуымпар Аггейы
ныхæстæм байхъуыстой, уымæн æмæ йæ
рарвыста Дунедарæг, сæ Хуыцау. Адæмы
тас бацыди Дунедарæджы раз.
13 Аггей, Дунедарæджы фидиуæг, адæмæн
фехъусын кодта Дунедарæджы уац: «Æз уемæ
дæн, — зæгъы Дунедарæг».
14 Дунедарæг сразæнгард кодта Шеалтиелы
фырт Зоровавелы — Иудейы бæстыхицауы,
алчер Йешуайы — Иоцадакы фырты, стæй
иннæ адæмы се ’ппæты дæр, æмæ райдыд-
той кусын Уæларвæфсады Бардарæджы, сæ
Хуыцауы, Кувæндоны. 15 Уый уыди, паддзах
Дарийы хицаудзинадыл дыккаг аз куы цы-
ди, уыцы заман, æхсæзæм мæйы дыууын
цыппæрæм бон.

**2** Æвдæм мæйы дыууын фыццæгæм бон
Дунедарæг раргом ис пехуымпар Аггеймæ,
æмæ Йæ ныхас уыд:
2 «Шеалтиелы фырт Зоровавелæн, Иуде-
йы бæстыхицауæн, стæй Иоцадакы фырт
Йешуайæн, алчерæн, æмæ адæмæн афтæ
зæгъ: 3 „Ацы Кувæндон уæ йæ раздæры ка-
ды исчи æрæййæфта? Ныр та йæ цы уавæ-
ры уынут? Бынтон ницы нæу уæ цæсты?
4 Фæлæ фидар лæуу, Зоровавел! — зæгъы

Дунедарæг. — Фидар лæуу, алчер Йешуа, Ио-
цадакы фырт! Бæстæйы адæм, фидар лæуут
уе 'ппæт дæр æмæ уæ куыст кæнут, уымæн
æмæ Æз уемæ дæн, — зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг, — 5 Мысырæй куы рацыдыстут,
уæд уемæ кæй сарæзтон, уыцы фидыдмæ
гæсгæ. Мæ Уд уе 'хсæн ис. Ма тæрсут!"
6 Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
рæхджы ма Æз ноджы иу хатт нынкъусдзы-
нæн арв æмæ зæхх, денджыз æмæ сурзæхх.
7 Æз æппæт адæмты ныууигъдзынæн, æмæ
сæ хæзнатæ иууылдæр ардæм æрбакæл-
дзысты, ацы Хæдзар байдзаг кæндзынæн
кадæй. 8 Æвзист дæр æмæ сыгъзæрин дæр
Мæн сты, — зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг.
9 Ацы Кувæндон, йæ размæ цы хæдзар
уыди, уымæй кадджындæр уыдзæн, æмæ
Æз ацы бынат фарнæй схайджын кæндзы-
нæн, — зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг!»
10 Дарийы паддзахдзинадыл дыккаг аз куы
цыди, уыцы заман, фарæстæм мæйы дыу-
уын цыппæрæм бон, Дунедарæг пехуымпар
Аггеймæ раргом ис: 11 «Уæларвæфсады Бар-
дарæг афтæ зæгъы: бафæрс-ма сауджынты
мæнæ ахæм хабарæй. 12 Зæгъæм, исчи кувæг-
гаг дзидза йæ фæччийы фæхæссы, æмæ дзул,
хъæрмхуыпп, сæн, сой кæнæ æндæр исты
хæринагыл йæ фæччийæ андзæвыд, уæд
уыцы хæринаг дæр уаз суыдзæн?» Сауджын-
тæ йын дзуапп радтой: «Нæ, не суыдзæн».
13 Уæд та сæ Аггей бафарста: «Мардыл бан-
дзæвынæй чи фæчъизи ис, ахæм адæймаг
уыдонæй истæуыл куы андзæва, уæд хæ-
ринаг фæчъизи уыдзæн?» Сауджынтæ йын
дзуапп радтой: «О, фæчъизи уыдзæн».
14 Æмæ сын уæд Аггей загъта: «Уæдæ ацы
адæм дæр фæчъизи сты Мæ цæсты, — зæгъы
Дунедарæг, — стæй се 'ппæт хъуыддæгтæ
æмæ, семæ цы 'рбахæссынц, уыдон дæр.
15 Кæсут-иу, амæй фæстæмæ цы уыдзæ-
ни, уымæ.
Дунедарæджы Кувæндоны дур дурыл
æвæрд куы нæма 'рцыди, 16 уæд уæ хъуу-
ыддæгтæ куыд цыдысты? Ссæдз бæрц-
уаты кæм уыди, уыцы кæримæ-иу куы
бацыдыстут, уæд-иу дзы разынди дæс;
сæндуцæнмæ-иу куы бацыдыстут, дæс
æмæ дыууиссæдз бæрцуаты сæн сæвгæ-
нон, зæгъгæ, уæд-иу дзы разынди ссæдз.
17 Æз-иу уын уæ къухты фæллæйттыл хус
дымгæ рауагътон, хъуына-иу сыл схæцын
кодтон, ихæй-иу сæ ныххостон, фæлæ Мæм
сымах уæддæр уе 'ргом не здæхтат, — зæ-
гъы Дунедарæг.
18 Æрымысут-ма æрæджыйы заман — фа-
рæстæм мæйы дыууын цыппæрæм бонæй
абоны онг, Дунедарæджы Кувæндонæн йæ
бындур æвæрд куы 'рцыд, уæдæй нырмæ цы
рæстæг рацыди, уый. Æркæсут лæмбынæг!
19 Уæ хордæтты ма хоры мыггаг баззади? Сæ-
нæфсиры талатæ, гранат, легъуи æмæ оливæ
бæлæстæ абоны онг дыргъ нæма радтой.
Фæлæ сыл нырæй фæстæмæ Æз Мæ арфæ
уадздзынæн».
20 Фарæстæм мæйы дыууын цыппæрæм
бон Дунедарæг дыккаг хатт Аггейæн Йæ
ныхас фехъусын кодта:
21 — Зæгъ Зоровавелæн, Иудейы бæсты-
хицауæн: Æз арв æмæ зæхх нынкъуысын
кæндзынæн, 22 паддзæхтæн сæ паддзахы
бадæнтæ дæлæмæ раппардзынæн, æцæ-
гæлæтты паддзахæдтæн сæ хъару басæт-
дзынæн, хæстон уæрдæттæ æд хæстонтæ
сфæлдахдзынæн, бæхтæ æмæ сæ барджы-
тæ цагъды фæуыдзысты, кæрдтæ кæрæ-
дзимæ сисдзысты бæхджынтæ. 23 Æмæ
уыцы бон ды, Шеалтиелы фырт Зоровавел,
Иудейы бæстыхицау, Мæ лæггадгæнæг,
Мæнæн суыдзынæ Мæ мыхуырæвæрæн
къухдарæны хуызæн, уымæн æмæ дæ
Æз сæвзæрстон, — зæгъы Уæларвæфса-
ды Бардарæг.

# Пехуымпар Захариайы чиныг

Кæд æмæ йæ чиныг бирæ стырдæр æмæ зындæр æмбарæн у, уæддæр пехуымпар Захариа пехуымпар Аггеимæ уыцы иу рæстæг, Чырыстийы райгуырды агъоммæ 52–518 азты, хъусын кодта Хуыцауы ныхас, вавилойнаг уацарæй йæ фыдыбæстæм цы дзуттæгтæ æрбаздæхти, уыдонæн. Уæды рæстæджы Зоровавел (паддзах Давиды байзæддаг) æмæ Йешуайы разамындæй адæм зæрдиагæй бавнæлдтой Хуыцауы Кувæндон ногæй саразынмæ. Захариа та (пехуымпар Аггеимæ) адæмæн ныфсытæ æвæрдта, Хуыцау сыл кæй ауды, уый сын сæ зæрдыл æфтаугæйæ.

Чиныг адих кæнæн ис дыууæ сæйраг хайыл: 1) 1–8 сæрты æвдыст цæуынц, Хуыцау Захариайæн цы аст цæстылуайæны фенын кодта, уыдон, семæ баст фæдзæхстытæ æмæ ныфсæвæрдтæ. Уыцы цæстылуайæнтæ фылдæр баст сты Йерусалим æмæ Кувæндон ногæй саразынимæ, израилаг адæмы сæ тæригъæдæй ссыгъдæг кæнынимæ, сæ рухс фидæнимæ. Чиныджы ацы хайы ис бирæ вазыгджын фæлгонцтæ, арæх дзы фæлхатгонд цæуынц раздæры æнусты пехуымпарты ныхæстæ; 2) 9–14 сæрты – рагагъоммæйы ныхæстæ Хуыцауы тæрхон æмæ Йе ’взæрст паддзахы æрцыды тыххæй.

---

**1** Дарий дыккаг аз паддзахиуæг куы кодта,
уæд æстæм мæйы Дунедарæг Варахийы фырт,
Иддойы фырты фырт Захариайæн фехъусын
кодта Йæ ныхас:
2-3«Дунедарæг уæ фыдæлтæм тынг мæсты
уыд, фæлæ ды ацы адæмæн фехъусын кæн:
Уæларвæфсады Бардарæг зæгъы: раздæхут
Мæм æмæ уæм уæд Æз дæр раздæхдзынæн.
4Уæ фыдæлты хуызæн ма ут, раздæр цы пехуымпартæ
уыди, уыдон-иу сын дзырдтой:
„Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы: уæ
фыдвæндæгтæ æмæ уæ фыдбылызы хъуыддæгтæ
ныууадзут“. Фæлæ Мæм уыдон
нæ хъуыстой.
5Кæм сты ныр уæ фыдæлтæ? Науæд пехуымпартæ
æнусмæ цæрдзысты? 6Фæлæ
Мæ лæггадгæнджытæн, Мæ пехуымпартæн,
Æз цы ныхæстæ æмæ цы уагæвæрдтæ бафæдзæхстон,
уыдон уæ фыдæлты нæ баййæфтой
æцæг? Æмæ Мæм уæд раздæхтысты
æмæ дзырдтой: „Уæларвæфсады Бардарæг
нын, нæ фæндæгтæ æмæ нæ хъуыддæгтæм
гæсгæ цæй аккаг уыдыстæм, уый бакодта“».
7Иуæндæсæм мæйы дыууын цыппæрæм
бон, шеваты мæйы, Дарий дыккаг аз паддзахиуæг
куы кодта, уыцы заман, Дунедарæг
Варахийы фырт, Иддойы фырты фырт Захариайæн
фехъусын кодта Йæ ныхас.
8Æхсæвы æз федтон ахæм ныв: тæрфы,
мирт бæлæсты ’хсæн, иу барæг сырх бæхыл
лæууыд, йæ фæстæ та – сырх, морæ
æмæ урс бæхтæ. 9Æз сдзырдтон: «Ме ’лдар,
чи сты уыдон?» Мемæ цы зæд ныхас кодта,
уый мын дзуапп радта: «Æз дын равдисдзынæн,
чи сты, уый». 10Мирт бæлæсты ’хсæн
цы лæг лæууыд, уый загъта: «Дунедарæг
зæххыл æрзилынмæ кæй рарвыста, уыдон
сты». 11Уæд бæхтæ Дунедарæджы зæдæн
афтæ загъынц: «Мах æрзылдыстæм зæххыл,
æгасæй дæр у сабыр æмæ æнцад». 12Уæд
Дунедарæджы зæд загъта: «Уæларвæфсады
Бардарæг! Йерусалим æмæ Иудæйы сахартæн
кæд ныббардзынæ, дæс æмæ æртиссæдз
азы сæм Дæ маст куы нæма ссыд?» 13Дунедарæг,
мемæ цы зæд дзырдта, уымæн хæлар
æмæ зæрдæфидаргæнæн ныхæстæй дзуапп
радта. 14Æмæ мын уæд, мемæ цы зæд ныхас
кодта, уый загъта:
«Фехъусын кæн: Уæларвæфсады Бардарæг
афтæ зæгъы: Мæ маст рафыхти Йерусалим
æмæ Сионы знæгтæм, 15æнæмæт адæмтæм
Мæ маст ссыгъд. Раздæр сæм уый бæрц нæ
мæсты кодтон, фæлæ сæ фыдракæндтæ ноджы
фылдæр систы. 16Уымæ гæсгæ Дунедарæг
афтæ зæгъы: Æз Мæ хорзæх æруадздзынæн
Йерусалимыл, Мæ Кувæндон дзы
арæзт æрцæудзæн, – зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг, – Йерусалимыл зæхбарæн синаг
айтындздзысты.
17Ноджы сын фехъусын кæн: Уæларвæфсады
Бардарæг афтæ зæгъы: Мæ сахартæ
ногæй бæркадджын суыдзысты, Дунедарæг
басабыр кæндзæн Сион, ногæй сæвзардзæн
Йерусалим».
18Æз хæрдмæ скастæн æмæ федтон цыппар
сыкъайы. 19Æмæ, мемæ чи дзырдта, уыцы

зæды бафарстон: «Цы сты адон та?» Уый мын дзуапп радта: «Уыдон сты, Иудей, Израил æмæ Йерусалимы цæрджыты алы бæстæты цы сыкъатæ ныххæлиу кодтой, уыдон». 20Уый фæстæ мын Дунедарæг равдыста цыппар кусæджы. 21Æз бафарстон: «Адон та цы кусынмæ фæцæуынц?» Уый мын дзуапп радта: «Уыцы сыкъатæ Иудейы цæрджыты алырдæмты ныххæлиу кодтой, æмæ дзы йæ сæр сисын дæр ничиуал уæнды. Адон та сæм цæуынц фæтæрсын кæнынмæ, Иудæйы ныхмæ сæ сыкъа цы адæмтæ систой, уыдонæн сæ сыкъатæ ныссæттынмæ».

**2** Ногæй хæрдмæ куы скастæн, уæд федтон нæлгоймаджы. Йæ къухы уыди зæхбарæн синаг. 2Æз æй бафарстон: «Кæдæм цæуыс?» Уый мын дзуапп радта: «Йерусалим сбарынмæ, хъуамæ йын йæ дæргъ æмæ йæ уæрх фенон». 3Уалынмæ фæзынди, мемæ чи дзырдта, уыцы зæд. Йæ размæ ’рбацæйцыд æндæр зæд, 4афтæ дзургæйæ: «Азгъор æмæ ацы лæппуйæн зæгъ: Йерусалимы уый бæрц адæм æмæ фос фæзындзæн, æмæ сын сахары бынат дæр нал фаг кæндзæн, йæ алфамбылæйтты ’рцæрдзысты. 5-6Æз сахары алыварс æхсидгæ сис фестдзынæн, — зæгъы Дунедарæг, — æмæ йæ адæмы ’хсæн скадджын уыдзынæн. Лидзгæут цæгатæй, — зæгъы Дунедарæг, — уымæн æмæ уæ Æз, дымгæмæ фæйлауæгау, алы рæтты ныххæлиу кодтон, — зæгъы Дунедарæг.

7Дæхи фервæзын кæн, Сионы чызг, Вавилоны чызгмæ чи æрцардис, уый! 8Уымæн æмæ афтæ зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг: хæлæттаг уæ чи фæкодта, уыцы адæмтæм Мæ Уый рарвыста Йæ кадæн, уымæн æмæ, сымахыл чи æндзæвы, уый Йæ цæсты гагуыйыл андзæвы: 9мæнæ сæм Æз мæ къух сисдзынæн, æмæ сæ раздæры цагъайрæгтæн æфтиаг суыдзысты. Уæд базондзыстут, сымахмæ Мæ Уæларвæфсады Бардарæг кæй рарвыста, уый.

10Дунедарæг зæгъы: „Цин кæн, Сионы чызг! Уымæн æмæ Æз æрцæудзынæн æмæ де ’хсæн æрцæрдзынæн“. 11Уыцы бон бирæ адæмтæ Дунедарæгмæ се ’ргом раздахдзысты æмæ суыдзысты Мæ адæм, Æз та де ’хсæн æрцæрдзынæн. Уæд базондзынæ, дæумæ Мæ Уæларвæфсады Бардарæг кæй рарвыста, уый. 12Уæд Иудей ногæй суыдзæнис Дунедарæджы исбон уаз зæххыл, ногæй сæвзардзæн Йерусалим.

13Дунедарæджы раз ныхъхъус у, адæймаг! Уый рацæуы Йæ уаз цæрæнæй!»

**3** Уый фæстæ мын фенын кодта стыр алчер Йешуайы. Уый лæууыди Дунедарæджы зæды бакомкоммæ. Йешуайæн йæ рахизфарс лæууыд сайтан, йæ ныхмæ тох кæнынæн. 2Дунедарæг сайтанæн загъта: «Сайтан! Йерусалим Чи сæвзæрста, уыцы Дунедарæг дын бар ма раттæд! Уымæн æмæ ацы адæймаг у, артæй цы ’хсидав фелвæстæуы, уыйау!»

3Йешуа зæды бакомкоммæ лæууыди чъизи дарæсы. 4Зæд, йæ разы чи лæууыд, уыдонæн бардзырд радта: «Раласут ын йæ чъизи дарæс». Йæхицæн та йын загъта: «Дæ азым дын систон, ныр дыл бæрæгбоны дарæс скæндзынæн. 5Æз бардзырд дæттын: йæ сæрыл ын сыгъдæг худ æркæнут». Æмæ йын йæ сæрыл сыгъдæг худ æркодтой, дарæсы йæ сфæлыстой. Уыцы рæстæг Дунедарæджы зæд лæууыди уым. 6Дунедарæджы зæд Йешуайæн загъта: 7«Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы: Мæ фæндæгтыл куы цæуай æмæ Мын иузæрдионæй куы лæггад кæнай, уæд тæрхон кæндзынæ Мæ Кувæндоны æмæ хъахъхъæндзынæ Мæ кæртытæ. Æмæ дын Æз ратдзынæн, мæнæ ам чи лæууы, уыдонимæ Мын лæггад кæнынын бар.

8Уæдæ байхъус, стыр алчер Йешуа! Дæ бакомкоммæ цы алчертæ бадынц, уыдон дæр Мæ фехъусæнт, Мæ нысанæн æвдисæнтæ сты уыдон. Мæнæ Æз æрбакæнын Æвзар, Мæ лæггадгæнæджы. 9Мæнæ ис, Йешуайы раз цы дур сæвæрдтон, уый. Ис ыл авд цæсты. Æз ыл, цы фыстытæ хъæуы, уыдон скæрддзынæн, — зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг, — æмæ ацы зæххы тæригъæд иу бонмæ ссыгъдæг кæндзынæн. 10Уыцы бон, — зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг, — уæ кæрæдзийы сæнæфсир æмæ легъуи бæласы бын абадынмæ хондзыстут».

**4** Мемæ цы зæд дзырдта, уый ногæй мæ разы февзæрдис æмæ мæ райхъал кодта, адæймаджы йæ фынæйæ куыд фехъал кæнынц, афтæ. 2Бафарста мæ: «Цы уыныс?» Æз дзуапп радтон: «Уынын сыгъзæрин цырагъдарæн, йæ цъуппыл — сойы кæхц, уый сæрмæ — авд цырагъы, алы цырагъыл дæр — авд хæтæлы. 3Сойы кæхцы фæйнæфарс — оливæ бæлæстæ: иу — йæ рахизфарс, иннæ — йæ галиуфарс». 4Æз, мемæ чи дзырдта, уыцы зæды бафарстон: «Уый цы у, ме ’лдар?» 5Мемæ цы зæд дзырдта, уый мын загъта: «Нæ йæ зоныс, цы у?» Æз ын дзуапп радтон: «Нæ зонын, ме ’лдар». 6Уæд мын афтæ зæгъы: «Уый Дунедарæг ахæм хуызы Зоровавелæн фехъусын кодта Йæ ныхас: хъару æмæ хъомысы фæрцы

нæ, фæлæ Мæ Уды руаджы, — зæгъы Уæлар-
вæфсады Бардарæг.
7О, бæрзонд хох! Ды чи дæ Зоровавелы
раз? Быдырæй уæлдай ницы дæ йæ цуры.
Уый рахæсдзæни Кувæндоны фæстаг дур,
адæм та хъæр кæндзысты: „Фарны дур нын
фестæд!“»
8Дунедарæг Мын загъта: 9«Ацы хæдзарæн
бындур Зоровавелы къухтæ æрæвæрдтой,
æмæ йæ кæронмæ дæр сараздзысты йæ къух-
тæ. Уæд базондзынæ, сымахмæ Мæ Уæлар-
вæфсады Бардарæг кæй рарвыста, уый. 10Ацы
хъуыддагмæ йæ райдианы сæрбæрзондæй
чи касти, уыдон дæр ныццин кæндзысты,
Зоровавелы къухы аразæн дур куы феной,
уæд. Ацы авд цырагъы сты Дунедарæджы
авд цæсты, уыдон фæлгæсынц æгас зæххыл».
11Уæд æй æз бафарстон: «Цырагъдарæнæн йæ
галиу æмæ йæ рахизфарс цы оливæ бæлæстæ
ис, уыдон та цы нысан кæнынц?» 12Стæй ма
ноджы сфæрæзтон: «Цы амонынц, дыууæ
сыгъзæрин хæтæлæй сой цы бæлæстæ уа-
дзынц, уыдон та?» 13Уый мæ бафарста: «Нæ
йæ зоныс, цы сты, уый?» Æз дзуапп радтон:
«Нæ зонын, ме ’лдар». 14Уæд мын уый загъта:
«Уыдон сты дыууæ байсæрсты, æгас зæххы
Дунедарæгæн лæггад кæнынц».

**5** Хæрдмæ та скастæн æмæ федтон: мæнæ
уæлдæфы æрбатæхы тухгæ чиныг. 2Зæд
мæ бафарста: «Цы уыныс?» Æз дзуапп рад-
тон: «Тухгæ чиныг æрбатæхы уæлдæфы: йæ
дæргъ — ссæдз æлмæрины, йæ уæрх — дæс
æлмæрины». 3Зæд мын загъта: «Æгас зæххыл
цы æлгъыст æрцæудзæн, уый у. Тухгæ чины-
джы иу фарсыл куыд фыст ис, уымæ гæсгæ,
алы давæг дæр æфхæрд баййафдзæн, æмæ,
йæ сомы чидæриддæр фæсайы, уыдонæй иу
дæр æнæфхæрдæй нæ аирвæздзæн, йæ иннæ
фарсыл куыд фыст ис, афтæ. 4Уыцы æлгъыст
Мæнæй рацыд, — зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг, — æмæ алы давæджы, стæй, Мæ
номæй мæнг сомы чидæриддæр ракæны,
уымæн йæ хæдзармæ уыцы æлгъыст ба-
цæудзæн æмæ йæ ныззыгуым кæндзæн, дур
æмæ дзы фæйнæг нал баззайдзæн».
5Мемæ чи дзырдта, уыцы зæд фæзындис
æмæ загъта: «Скæс-ма хæрдмæ, акæс-ма, уый
цы рацæйзыны?» 6Æз æй бафарстон: «Цы у
уый?» Дзуапп мын радта: «Уый у, ефæйы
бæрц кæм цæуы, ахæм барæн мигæнæн».
Загъта ма: «Уый у æгас зæххы азым».
7Уалынмæ мигæнæны æрхуы сæр хæрдмæ
ссыди, æмæ мæнæ мигæнæны бады сылгой-
маг. 8Зæд мын загъта: «Уыцы сылгоймаг у
æнæрастдзинад». Мигæнæны арфмæ йæ
фехста æмæ та мигæнæн йе ’рхуы сæрæй
сæхгæдта.
9Æз хæрдмæ скастæн æмæ федтон: кæ-
цæйдæр фæзындысты дыууæ базырджын
сылгоймаджы. Сæ базырты мидæг уыди
дымгæ, сæ базыртæ — кæсагласы базыртау.
Мигæнæн фелвæстой æмæ йæ уæртæ арв
æмæ зæххы астæу фæхæссынц. 10Уæд æз,
мемæ чи дзырдта, уыцы Зæды бафарстон:
«Кæдæм фæхæссынц мигæнæн?» 11Уый мын
дзуапп радта: «Шинары зæххыл ын хъуамæ
хæдзар саразой. Алцыдæр куы ’рцæттæ кæ-
ной, уæд æй уым, кæм æмбæлы, уыцы ран
сæвæрдзысты».

**6** Хæрдмæ та скастæн æмæ федтон: мæнæ
комæй, дыууæ æрхуы хохы астæуæй, рацæ-
уынц цыппар уæрдоны. 2Фыццаг уæрдоны
ифтыгъд уыдысты сырх бæхтæ, дыккаджы —
саутæ, 3æртыккаджы — урсытæ, цыппæрæ-
мы — хъулæттæ, тæппытимæ.
4Æз, мемæ чи дзырдта, уыцы зæды ба-
фарстон: «Ме ’лдар, цы сты уыдон?» 5Зæд
мын дзуапп радта: «Уыдон сты цыппар уæ-
ларвон дымгæйы, æгас зæххы Бардарæджы
разæй рацæуынц. 6Сау бæхтæ ацæудзысты
цæгатмæ, урсытæ — ныгуылæнмæ, хъулæттæ
та — хуссармæ».
7Æрбаввахс сты хъомысджын бæхтæ, зæх-
хыл æрзилынмæ уыдысты цæттæ. Зæд сын
загъта: «Цæугæут æмæ зæххыл æрзилут».
Æмæ зæххыл æрзилынмæ ацыдысты. 8Уый
та мæм фæдзырдта æмæ загъта: «Кæс-ма:
цæгатмæ цы бæхтæ ацыдысты, уыдон Мын
цæгатаг зæххы Мæ Уд басабыр кодтой».
9Дунедарæг мын загъта: 10«Уацарæй чи
раздæхти, уыдонæй — Хелдай, Товиа æмæ
Иедаийæ — мысайнæгтæ райс æмæ уайтагъд
ацу Софониайы фырт Йосиайы хæдзармæ,
уыдон уырдæм æрбацыдысты Вавилонæй.
11Æвзист æмæ сæ сыгъзæрин райс, сараз
кады худ æмæ йæ ’ркæн стыр алчер Йешу-
айы сæрыл, Иоцадакы фыртыл. 12Зæгъ ын:
Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы: мæнæ,
Йæ ном Æвзар кæмæн у, Уый, куы сырæза,
уæд Дунедарæджы Кувæндон сараздзæн.
13Уый Дунедарæджы Кувæндон сараздзæн
æмæ айсдзæн Йæ кад, Йæ паддзахы бадæ-
ны æрбаддзæнис æмæ хицауиуæг кæндзæн.
Сауджын та æрбаддзæнис йæхи бынаты, æмæ
кæрæдзиимæ цæрдзысты фидыдæй. 14Кады
худ баззайдзæни Дунедарæджы Кувæндоны,
Хелем, Товиа, Иедаи æмæ Софониайы фырт
Хены сгуыхтдзинад зæрдыл дарынæн.

15 Адæм дард рæттæй æрбацæудзысты æмæ
Дунедарæджы Кувæндон аразыны хъуыд-
даджы архайдзысты. Æмæ базондзыстут,
сымахмæ мæ Уæларвæфсады Бардарæг кæй
рарвыста, уый. Уыдæттæ æрцæудзысты, уæ
Дунедарæг Хуыцаумæ зæрдиагæй куы хъу-
сат, уæд».

**7** Паддзах Дарий цыппæрæм аз хицауиуæг
куы кодта, уæд фарæстæм мæйы цыппæрæм
бон, кислевы мæйы, Дунедарæг Захариайæн
фехъусын кодта Йæ ныхас.
2-3 Уыцы заман Вефилы цæрджытæ Ду-
недарæджы размæ бакувынмæ арвыстой
Сарецеры æмæ Регем-Мелехы се 'мбæлтти-
мæ, цæмæй, Уæларвæфсады Бардарæджы
Кувæндоны цы сауджынтæ ис, уыдоны, стæй
пехуымпарты бафæрсой: «Бирæ азты куыд
уыдис, афтæ ма мæ фæндзæм мæйы дæр
хъыг кæнын æмæ ком дарын хъæуы æви нæ?»
4 Уæларвæфсады Бардарæг мын загъта:
5 «Ацы бæстæйы æппæт цæрджытæн æмæ
сауджынтæн афтæ зæгъ: „Дæс æмæ æр-
тиссæдз азы дæргъы фæндзæм æмæ æв-
дæм мæйты, хъынцъымгæнгæйæ, ком куы
дардтат, уæд уыдæттæ Мæн тыххæй кодтат?
6 Хæргæ æмæ нуазгæ куы фæкæнут, уæд уæ-
хи тыххæй нæ фæхæрут, уæхи тыххæй нæ
фæнуазут? 7 Йерусалим адæмæй йедзаг æмæ
сабыр куы уыди, стæй йæ алыварс сахартæ
Негев æмæ Шефелайы дæр адæм куы цар-
дысты, уæд Дунедарæг Йæ раздæры пеху-
ымпарты уылты адæттæ нæ хъусын кодта?“»
8 Дунедарæг Захариайæн загъта:
9 «Уыцы заман Уæларвæфсады Бардарæг аф-
тæ дзырдта: раст тæрхон кæнут, кæрæдзиимæ
хæларзæрдæ æмæ тæригъæдгæнаг ут; 10 си-
дзæргæсты æмæ сидзæрты, æрцæуæггæгты
æмæ мæгуырты ма æфхæрут, уæ кæрæдзийы
ныхмæ фыдвæндтæ ма аразут. 11 Фæлæ уыдоны
хъусын нæ фæндыди, се 'ргом Мæ аздæхтой,
сæхгæдтой сæ хъустæ. 12 Сæ зæрдæтæ ныддур
кодтой, цæмæй сæм Уæларвæфсады Бардарæг
Йæ Уды хъомысы руаджы пехуымпарты дзы-
хæй цы Æгъдау æмæ цы ныхæстæ æрвыста,
уыдон ма хъусой. Æмæ сæм уый тыххæй Уæ-
ларвæфсады Бардарæг тынг смæсты ис.
13 Дунедарæг сæм куы сидти, уæд Æм уы-
дон куыд нæ хъуыстой, афтæ сæ Æз дæр, куы
сидой, уæд нæ фехъусдзынæн, — зæгъы Уæ-
ларвæфсады Бардарæг. — 14 Кæй нæ зыдтой,
уыцы адæмты 'хсæн сæ ныххæлиу кодтон,
сæ фæстæ ацы зæхх гæныстонмæ 'рцыди.
Иунæг цæуæг ыл нал баззад, бæллиццаг зæхх
æдзæрæг быдыр фестын кодтой».

**8** Уæларвæфсады Бардарæг мын загъта:
2 Афтæ зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг:
«Сионмæ Мæ зæрдæ 'хсайы, Мæ зæрдæхсайд
пиллон артау судзы.
3 Дунедарæг афтæ зæгъы: Æз Ме 'ргом раз-
дахдзынæн Сионмæ, æрцæрдзынæн Йеруса-
лимы, схондзысты йæ рæстдзинады сахар,
Уæларвæфсады Бардарæджы хох та — уаз хох.
4 Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
зæронд лæгтæ æмæ зæронд устытæ ногæй
сæ лæдзджыты 'нцой Йерусалимы фæзты
баддзысты; 5 сахары уынгтæ байдзаг уы-
дзысты лæппутæ æмæ чызджытæй, уынгты
хъæздзысты.
6 Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
Мæ адæмæй ма чи аирвæзт, уыдон абон
ацы ныхæстæ, æрцæуæн кæмæн нæй, ахæм
хъуыддагыл нымайынц, фæлæ Мæнæн Мæ
бон саразын цы нæу? — зæгъы Уæларвæф-
сады Бардарæг.
7 Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы: Æз
фервæзын кæндзынæн Мæ адæмы скæсæн
æмæ ныгуылæны бæстæтæй, 8 æрбакæн-
дзынæн сæ, æмæ цæрдзысты Йерусалимы.
Уыдон уыдзысты Мæ адæм, Æз та сын уы-
дзынæн иузæрдион æмæ раст Хуыцау.
9 Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
Уæларвæфсады Бардарæгæн Йæ Кувæндо-
ны бындур æвæрд цы бон æрцыд, аразын æй
куы райдыдтой, уыцы бон пехуымпартæй
ацы ныхæстæ чи хъусы, уыдонæн сæ ныфс
ма фæцудæд! 10 Ныронг нæдæр фос, нæдæр
адæймаджы куыстæн фидын никæй бон уы-
ди, алы цæуæджы алырдыгæй хъахъхъæдтой
знæгтæ, уымæн æмæ Æз адæмы кæрæдзимæ
сфыдæх кодтон. 11 Фæлæ нырæй фæстæмæ
Æз, Мæ адæмæй ма чи аирвæзт, уыдонмæ
раздæры цæстæй нал кæсдзынæн, — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг. — 12 Сабырæй бай-
таудзысты сæ хуымтæ, сæнæфсиры талайыл
гагатæ равзæрдзæн, зæхх тыллæг ратдзæнис,
арвæй æртæх æрызгъæлдзæн. Æмæ уыдæттæ
Æз иуукылдæр, Мæ адæмæй ма чи аирвæзт,
уыдонæн ратдзынæн исбонæн.
13 Иудæ æмæ Израилы адæм! Сымах æп-
пæт адæмты 'хсæн æлгъыстаг уыдыстут,
фæлæ уæ Æз фервæзын кæндзынæн, æмæ
суыдзыстут арфæгонд. Ма тæрсут! Уæ ныфс
ма фæцудæд!»
14 Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæгъы:
уæ фыдæлтæ Мæ куы мæсты кодтой, уæд уæ
бафхæрын сфæнд кодтон æмæ Мæ фæнд нæ
аивтон, — зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг. —
15 Фæлæ ныр та Йерусалим æмæ Иудæйы хæ-
дзарæн Мæ зæрды ис хорздзинад ракæнын.

Ма тæрсут. 16Мæнæ уын, цы хъуамæ кæнат,
уыдæттæ: уæ кæрæдзийæн дзурут рæст-
дзинад; тæрхондоны тырнут рæстдзинад
æмæ сабырдзинадмæ; 17йæ хионы ныхмæ
фыдвæндтæ мачи аразæд; мæнг сомытæй
уæхи хизут, уымæн æмæ Мын уыдæттæ
æнæуынон сты, — зæгъы Дунедарæг.
18Уæларвæфсады Бардарæг мын загъта:
19— Афтæ зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг:
цыппæрæм æмæ фæндзæм мæйты, стæй
æвдæм æмæ дæсæм мæйты цы комдарæн
бонтæ ис, уыдон Иудæйы хæдзарæн хъæл-
дзæг бæрæгбæттæ фестдзысты, æрмæст
рæстдзинад æмæ сабырдзинад уарзут.
20Уæларвæфсады Бардарæг зæгъы: æрба-
цæудзысты бирæ адæмтæ æмæ бирæ сахарты
цæрджытæ. 21Иу сахары цæрджытæ иннæмæ
цæудзысты æмæ дзурдзысты: «Цомут æмæ
Дунедарæгмæ бакувæм, Уæларвæфсады Бар-
дарæджы æрцагурæм». Æмæ фехъусдзысты
ахæм дзуапп: «Æз дæр уемæ! Цæуын æз дæр!»
22Æмæ Йерусалиммæ бирæ знæмтæ æмæ
хъомысджын адæмтæ ’рбацæудзысты, цæ-
мæй Уæларвæфсады Бардарæджы æрцагурой
Йерусалимы æмæ Дунедарæгмæ скувой.
23Уæларвæфсады Бардарæг зæгъы: уыцы
заман алы æвзæгтæй æмæ алы адæмтæй
дæс адæймаджы иу иудейаджы фæччийыл
ныххæцдзысты æмæ дзурдзысты: «Мах цæ-
уæм уемæ, уымæн æмæ фехъуыстам, Хуыцау
уемæ кæй ис, уый».

**9** Дунедарæг рагуацы хуызы хъусын кæ-
ны: Уый æрцæрдзæн Хадрахы бæстæйы,
стæй Дамаскы сахары, æппæт адæм æмæ
Израилы хæдзарвæндæгтæ се ’ппæт дæр
сæ цæстæнгас Дунедарæгмæ сараздзысты;
2æввахс сæм чи у, уыцы Хамат дæр, стæй
Тир æмæ хинæйдзаг Сидон дæр.
3Тир йæхицæн фидæрттæ сарæзта, рыгау
æм сбирæ ис æвзист, цъыфау — сыгъзæрин.
4Дунедарæг ын байсдзæн йæ исбон, йæ мулк
ын денджызмæ фехсдзæн, йæ сахар та йын
арты хай бакæндзæн. 5Ашкелон уый куы
фена, уæд ыл тас бахæцдзæн, Газæ дæр фыр
тæссæй ныррыздзæни, Екронæн асæтдзæн
йæ ныфс. Газæйы паддзах бабын уыдзæн,
Ашкелоны иунæг цæрæг нал баззайдзæн.
6Ашдоды æрцæрдзысты æцæгæлæттæ, Æз
бассæнддзынæн сæрыстыр филистимæг-
ты. 7Сæ дзыхтæ сын ссыгъдæг кæндзынæн
тугæй, сæ дæндæгтæ — алы ’лгъæгтæй. Чи
сæ фервæза, уыдон дæр, Иудæйы иннæ
мыггæгтау, суыдзысты Хуыцауы исбон,
Екрон йевусæгты хуызæн суыдзæни. 8Æз
Мæ Кувæндон хъахъхъæндзынæн знæгтæй,
æцæгæлæтты йæм бацæуын нæ бауадздзы-
нæн, тыхгæнæг уæм никуыуал æрбабырс-
дзæн, уымæн æмæ Æз ныр Мæ цæстæнгас
сарæзтон сымахмæ.
9Цин кæн, Сионы чызг! Дæ зæрдæ райæд
фыр цинæй, Йерусалимы чызг! Мæнæ дæм
фæцæуы дæ Паддзах! Уый у рæстаг, сæр-
ныллæг, ирвæзындзинад дын æрхæсдзæн,
фæцæуы къæлæуыл, хæрæджы лæппынbackup
бадгæйæ. 10Уыцы заман Ефремы уæрдæт-
тæ æмæ Йерусалимы бæхты фесафдзынæн,
хæстон æрдынтæ саст æрцæудзысты. Уый
адæмтæн фехъусын кæндзæн сабырдзинад
æмæ паддзахиуæг кæндзæн иу денджызæй
иннæмæ, Евфраты донæй зæххы кæрæттæм.
11Дæуæн та дæ уацайрæгты æнæдон уæр-
мæй фервæзын кæндзынæн, нæ фидыд кæй
фæрцы сфидар ис, уыцы туджы сæраппонд.
12Ныфссаст уацайрæгтæ! Раздæхут уæ
фидармæ! Абон дын Æз хъусын кæнын: дæ
хъизæмæрттæ дын дывæрæй бафиддзынæн.
13Иудæ фестдзæнис Ме ’рдын, Ефрем — Мæ
фат.
Сион, дæ фыртты дын грекъæгты ныхмæ
сыстын кæндзынæн, хæстон хъама Мын
фестдзынæ. 14Дунедарæг Йæхи равдисдзæн
Йæ адæмы сæрмæ, Йæ фат фехсдзæнис
æрвæрттывдау. Уæларвæфсады Бардарæг
сыкъауадындзæй ныуасдзæн, хуссайраг
зилгæ дымгæйы ацæудзæн. 15Уæларвæф-
сады Бардарæг сæ хъахъхъæндзæн, æмæ
дурæхсæны дуртыл фæуæлахиз уыдзысты,
ныццæгъддзысты сæ; сæ уынæр хъуысдзæ-
нис, цыма сæнæй нырраsыг сты, уыйау;
нывондхæссæн кæхцытау, нывондхæссæны
сыкъатау байдзаг уыдзысты сæнæй. 16Уыцы
бон Уæларвæфсады Бардарæг Йæ адæмы
фыстау фервæзын кæндзæн; кады худы зы-
наргъ дуртау сæрттивдзысты Йæ зæххыл.
17О, куыд хорз æмæ куыд рæсугъд уыдзыс-
ты! Хорæй дидинæг скалдзысты лæппутæ,
ног сæнæй — чызджытæ!

**10** Лæгъстæ кæнут Дунедарæгæн, цæмæй
уын афоныл къæвда ратта. Дунедарæг сфæл-
дисы тæрккъæвдатæ, ратты уын сахкъæв-
датæ, алкæмæн йæ хоры æвзартæ ссæуын
кæны. 2Хæдзарон хуыцаугæндтæ та сайгæ
кæнынц; дæснытæ мæнг цæстылуайæнтæ
уынынц æмæ мæнг фынтæ дзурынц, ныф-
сытæ æвæрынц тутт ныхæстæй. Уымæ гæс-
гæ адæм фыстау сдзæгъæл сты, фыййау
сын нæй. 3Фыййæуттæм Мæ маст ссыгъди,
бафхæрдзынæн бодзты. Уæларвæфсады

Бардарæг æрымысдзæн Йæ дзуджы — Иу-
дæйы байзæддæгты. Йæ хæстон бæхтау сæ
тохмæ æрцæттæ кæндзæн. 4Иудæйы хæ-
дзарæй равзæрдзæни Кувæндоны фæстаг
дур, цатыры мих æмæ хæстон æрдын, алы
фæтæг дæр рацæудзæнис уымæй. 5Иудæ-
йы байзæддæгтæ, хæсты рæстæг уынджы
рыг цы хæстонтæ фессæндынц, уыдоны
’нгæс суыдзысты. Дунедарæг семæ уыдзæн,
æмæ бæхæфсад фæхудинаг кæндзысты.
6Æз Иудæйы байзæддæгты сфидар кæн-
дзынæн, Йосефы хæдзарæн ирвæзындзинад
ратдзынæн æмæ сæ раздахдзынæн, уымæн
æмæ сын ныххатыр кодтон. Цыма сæ никуы
ныууагътон, афтæ уыдзысты, уымæн æмæ
Æз сæ Дунедарæг Хуыцау дæн æмæ сæ фе-
хъусдзынæн. 7Ефрем сахъ хæстоны хуызæн
суыдзæни, цыма сæны хъæстæ фæцис, уыйау
райдзæни йæ зæрдæ. Уый фенгæйæ, йæ цот
дæр цин кæндзысты, Дунедарæгæй райдзæ-
ни сæ зæрдæ. 8Æз сæм фæсиддзынæн æмæ
сæ æрæмбырд кæндзынæн, уымæн æмæ
сын Æз сæ ахæстаргъ бафыстон æмæ раз-
дæрау сбирæ уыдзысты. 9Кæд сæ Æз адæм-
ты ’хсæн ныххæлиу кодтон, — уыдон Мæ
æрымысдзысты дард бæстæты, сæ цотимæ
фервæздзысты уым æмæ фæстæмæ раздæх-
дзысты. 10Мысыры зæххæй сæ раздахдзы-
нæн, Ассирийæ сæ æрæмбырд кæндзынæн,
Галаад æмæ Ливанмæ сæ æрбакæндзынæн,
æмæ сын уым дæр бынат нал фаг кæндзæн.
11Абухгæ денджызы сæрты ацæудзысты, йæ
уылæнтыл ын фæуæлахиз уыдзысты, Нилы
цæугæдон байсысдзæни сæ быны. Ассирийы
сæрыстырдзинад саст æрцæудзæни, Мысыр
йæ паддзахы лæдзæгæй æнæхай фæуы-
дзæнис. 12Дунедарæджы хъомысы фæрцы
стыхджын уыдзысты, размæ сæ кæндзæни
Йæ ном, — зæгъы Дунедарæг.

**11** Дæ кулдуар байгом кæн, Ливан! Уадз
аныхъуыра пиллон арт дæ кедртæ! 2Дзыназ,
кипарис: æрхауди кедр, акалдысты уæйгуы-
тæ! Ныдздзыназут, Башаны тулдзтæ — тар
хъæд акалдæуыд йæ рæбынæй! 3Фыййæут-
тæн сæ кæуын хъуысы — сафтид сты сæрвæт-
тæ! Сæ рыхын хъуысы домбæйтты лæппын-
тæн: Иордан сæрыстыр цы дæлвæзæй уыд,
уым иунæг бæлас нал баззад.
4Афтæ зæгъы мæ Дунедарæг Хуыцау: «Хиз
мæ фысты, æргæвст чи ’рцæудзæн, уыдоны.
5Се ’лхæнджытæ сæ марынц, æмæ æнæф-
хæрдæй баззайынц. Чи сæ уæй кæны, уы-
дон та дзурынц: „Арфæгонд уæд Дунеда-
рæг, æз схъæздыг дæн“. Нæ сыл ауæрдынц
фыййæуттæ. 6Уымæ гæсгæ Æз ацы зæххы
адæмæн нал ныббардзынæн, — зæгъы Ду-
недарæг. — Сфыдæх сæ кæндзынæн кæрæ-
дзимæ, сæ паддзах дæр сæ ныхмæ суыдзæни,
бæстæ ныззыгуым кæндзысты, фæлæ Æз ни-
кæй фервæзын кæндзынæн. 7Æз хиздзынæн
æргæвдинаг фысты, æцæгæйдæр мæгуыр чи
у, уыдоны. Мæхицæн райсдзынæн дыууæ
лæдзæджы, иу дзы схондзынæн хæрзаудæн,
иннæ та — фидыд æмæ уыдонæй фысты
хиздзынæн. 8Иу мæймæ æртæ фыййауы
фесафдзынæн; уыдон мæ куыд нæ уарзынц,
афтæ Мæнæн дæр суыдзысты æнæуынон.
9Уый фæстæ зæгъдзынæн: „Нал уæ хизын:
мæлинаг чи у, уый амæлæд; сæфинаг чи у,
уый фесæфæд; чи ма уæ аирвæза, уыдон
та кæрæдзийы фыдтæ бахæрæнт“. 10Æп-
пæт адæмтимæ цы фидыд саразтон, уый
фехалыны тыххæй Мæ хæрзаудæны лæ-
дзæг райсдзынæн æмæ йæ ныссæтдзынæн.
11Уыцы бон Мæ фидыд хæлд æрцæудзæнис,
æмæ уæд, æнхъæлмæ Мæм чи кæсы, уыцы
мæгуыр фыстæ базондзысты, Дунедарæджы
ныхас кæй сæххæст ис, уый. 12Зæгъдзынæн
сын: „Кæд уæ фæнды, уæд Мын Мæ мызд
раттут, кæд нæ, уæд æй уадзут“. Æмæ Мын
дæс æмæ ссæдз шекелы æвзист сбардзысты».
13Дунедарæг мын загъта: «Уыцы æвзист
дурынгæнæгмæ баппар, — ахæм стыр аргъ
Мын скодтой!» Æз райстон дæс æмæ ссæдз
шекелы æвзист æмæ сæ Дунедарæджы Ку-
вæндоны дурынгæнæгмæ баппæрстон. 14Мæ
иннæ лæдзæг — фидыд, уый дæр асастон,
цæмæй Иудæ æмæ Израилы ’хсæн æфсы-
мæрдзинад фехалон.
15Дунедарæг мын загъта: «Дæхицæн райс
ницæйаг фыййауы гæрзтæ. 16Уымæн æмæ Æз
ацы зæххыл ахæм фыййауы сæвæрдзынæн,
æмæ, чи сæфы, уыдоныл нæ бамæт кæндзæн,
чи фæдзæгъæл ис, уыдоны нæ агурдзæн,
рынчынты нæ дзæбæх кæндзæн, нæ баф-
саддзæн æнæнизты. Хæрзхаст фыстæн сæ
дзидза хæрдзæн æмæ сын сæ сæфтджытæ
срæдувдзæн. 17Додойаг у, йæ дзуджы чи
ныууагъта, уыцы æвзæр фыййау! Йæ къух
ын кардæй ахауын кæнæнт, йæ рахиз цæст
ын дзы скъахæнт! Йæ къух бахуыскъ уæд,
æмæ йæ рахиз цæст бакуырм уæд!»

**12** Дунедарæг хъусын кæны рагуац, Из-
раилмæ цы æнхъæлмæ кæсы, уый тыххæй.
Уæлæрвтæ Чи айтыгъта, зæхх Чи сфæлдыс-
та æмæ адæймаджы царды комулæфт Чи ба-
уагъта, уыцы Дунедарæг афтæ зæгъы: 2Йеру-
салимы алыварс знæгтæ куы ’рхъула кæной,

уæд æй Æз йæ алыварс цæрæг адæмтæн
æмæ суанг Иудæйæн дæр, кæмæй нырраcыг
уыдзысты, ахæм кæхц фестын кæндзынæн.
[3]Уыцы бон Йерусалим æппæт адæмтæн уæз-
зау дуры хуызæн суыдзæни; сисынил æй чи
архайа, уыдон тыхсаст фæуыдзысты, аф-
тæмæй йæ ныхмæ та æрæмбырд уыдзысты
æгас зæххы адæмтæ. [4]Уыцы бон, — зæгъы
Дунедарæг, — Æз алы бæх æмæ алы барæ-
джы сæрра кæндзынæн, адæмты бæхты
бакуырм кæндзынæн, Иудæйы хæдзармæ та
Мæ цæст дардзынæн. [5]Уæд Иудæйы фæтæг-
тæ сæхинымæр зæгъдзысты: «Йерусалимы
цæрджытæ тыхджын сты Уæларвæфсады
Бардарæджы, сæ Хуыцауы, руаджы». [6]Уыцы
заман Æз афтæ бакæндзынæн, æмæ Иудæйы
фæтæгтæ, сугты ’хсæн æфсæн пец, куырисы
’хсæн цырагъ куыд у, афтæ суыдзысты æмæ
сæ алыварс цæрæг адæмты, сæ галиу æмæ
сæ рахизфарс чи ис, уыдоны се ’ппæты дæр
ныццæгъддзысты, Йерусалим та, цы ран
ис, уым фæстæмæ адæмæй байдзаг уыдзæн.
[7]Дунедарæг æппæты разæй фервæзын
кæндзæн Иудæйы цатыртæ, цæмæй Давиды
байзæддæгтæ æмæ Йерусалимы цæрджыты
кад Иудæйы кадæй ма фæуæлдæр уа. [8]Уыцы
бон Дунедарæг Йерусалимы цæрджытæн сæ
сæрыл рахæцдзæн, сæ лæмæгъдæр Давидау
стыхджын уыдзæн. Давиды хæдзар та, йæ
разæй чи цæуы, уыцы Хуыцауы, Дунедарæ-
джы зæды æнгæс суыдзæни. [9]Уыцы бон Æз,
Йерусалиммæ цы адæмтæ бырстой, уыдо-
ны се ’ппæты дæр ныццæгъддзынæн. [10]Æз
Давиды байзæддæгтæн æмæ Йерусалимы
цæрджытæн тæригъæдгæнаг æмæ кувæг
зæрдæтæ ратдзынæн. Кæй барæхуыстой,
Уымæ скæсдзысты æмæ Йыл, иунæг фыр-
ты, фыццаггуырды мардыл куыд фæхъыг
кæнынц, афтæ ныккæудзысты. [11]Уыцы бон
Йерусалимы цæрджыты хъарæг хъуысдзæни
Хадад-Риммоны, Мегиддойы тъæпæны хъа-
рæгау. [12]Бæстæ æгасæй дæр дзыназдзæнис,
алы мыггаг дæр хъыг кæндзæнис хицæ-
нæй: Давиды мыггаг — хицæнæй, сæ устытæ
дæр — хицæнæй; Натаны мыггаг — хицæ-
нæй, сæ устытæ дæр — хицæнæй; [13]Левийы
мыггаг — хицæнæй, сæ устытæ дæр — хи-
цæнæй; Шимийы мыггаг — хицæнæй, сæ
устытæ дæр — хицæнæй. [14]Иннæ мыггæгтæ
дæр иуылдæр — хицæнтæй, сæ устытæ
дæр — хицæнтæй.

**13** Уыцы бон Давиды байзæддæгтæн æмæ
Йерусалимы цæрджытæн байгом уыдзæ-
нис донгуырæн, цæмæй сæ ссыгъдæг кæна
сæ тæригъæдтæй æмæ, цæмæй фæчъизи
сты, уыдæттæй. [2]Уыцы бон, — зæгъы Уæ-
ларвæфсады Бардарæг, — Æз ацы зæххыл
мæнг хуыцæутты ныццæгъддзынæн, мæнг
пехуымпарты æмæ алы æлгъæгтæм мондаг-
гæнæг моны фесафдзынæн зæххæй. [3]Æмæ,
исчи пехуымпариуæг куы кæна, уæд ын йæ
фыд æмæ йæ мад, йæ ныййарджытæ, зæгъ-
дзысты: «Ды хъуамæ мард æрцæуай, уымæн
æмæ Дунедарæджы номæй хъусын кæныс
мæнг ныхæстæ». Æмæ, пехуымпариуæг кæй
кодта, уый тыххæй йæ амардзысты йæ фыд
æмæ йæ мад, йæ ныййарджытæ. [4]Уыцы бон
ахæм пехуымпартæ, цы цæстылуайæнты
кой кодтой, уыдонæй æфсæрмы кæндзысты
æмæ адæмы сайынæн сæ уæлæ сæхъис нал
скæндзысты. [5]Уыдонæй алчидæр зæгъдзæн:
«Æз пехуымпар нæ, фæлæ зæхкусæг дæн. Мæ
сабибонтæй мæм зæххæй уæлдай ницы ис».
[6]Уæд æй бафæрсдзысты: «Уæдæ ацы ностæ
дæ буарыл кæцæй сты?» Уый дзуапп ратдзæ-
ни: «Мæ хæлæртты хæдзары над баййæфтон».
[7]«О кард! Сыст Мæ фыййауыл, æвваxс Мæм
чи лæууы, ууыл! — зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг. — Æрцæв фыййауы, æмæ фыстæ
ныххæлиу уой! Æз Мæ къух уæрыччытæм
сисдзынæн. [8]Æнæхъæн бæстæйы чи цæры, —
зæгъы Дунедарæг, — уыдонæн ма се ’ртыккаг
хай аирвæздзæн, иннæ дыууæ хайы цагъды
фæуыдзысты. [9]Уыцы æртыккаг хай Æз æв-
зистау арты батайын кæндзынæн, ссыгъдæг
сæ кæндзынæн сыгъзæринау. Уыдон Мæм
кувдзысты, æмæ сæ Æз фехъусдзынæн. Æз
зæгъдзынæн: „Адон сты Мæ адæм“. Уыдон
зæгъдзысты: „Дунедарæг — нæ Хуыцау!“»

**14** Мæнæ æрхæццæ кæны Дунедарæджы
Бон, тыхгæнæг дæ æфтиагæн цы байста,
уыдон дын де ’хсæн куы уардзысты, уы-
цы бон. [2]Æз æппæт адæмты Йерусалимы
ныхмæ хæстмæ сыстын кæндзынæн, æмæ
сахар бацахсдзысты. Йæ хæдзæрттæ йын
сафтид кæндзысты, сылгоймæгты фæху-
динаг кæндзысты, сахары цæрджытæн се
’рдæг уацары ацæудзæн; фæлæ сахары иннæ
хай фервæздзæнис. [3]Уæд Дунедарæг уыцы
адæмты ныхмæ сыстдзæни, рагзаманты
куыд уыдис, афтæ. [4]Уый æрлæудзæни Еле-
оны хохыл, Йерусалимы скæсæнварс чи ис,
ууыл, æмæ Елеоны хох дыууæ дихы фæуы-
дзæн — ныгуылæнæй скæсæнæрдæм. Хохы
иу æрдæг фæцæудзæнис цæгатæрдæм, иннæ
’рдæг хуссарæрдæм, се ’хсæн та стыр дæлвæз
фæзындзæни. [5]Æмæ сымах, Æз дыууæ хохы
астæу кæй сараздзынæн, уыцы дæлвæзыл

лидздзыстут. Уый аххæсдзæни суанг Ацалы
онг. Иудейаг паддзах Озиайы заман зæх-
хæнкъуыстæй куыд лыгъдыстут, афтæ та
лидздзыстут.
Æмæ уæд фæзындзæни Дунедарæг, мæ
Хуыцау, Йемæ та — сыгъдæджытæ иууыл-
дæр. 6Уыцы бон бæстæ баталынг уыдзæн,
рухсгæнæнтæ фæцыдæр уыдзысты. 7Уыцы
бон кæд ралæудзæнис, уый æрмæстдæр
Дунедарæг зоны; уый нæдæр бон уыдзæн,
нæдæр æхсæв, фæлæ куы баизæр уа, уæд
рухс фæзындзæни.
8Уыцы бон Йерусалимæй царддæттæг
цæугæдæттæ ракæлдзысты, сæ иу æрдæг —
скæсæйнаг денджызмæ, иннæ — ныгуы-
лæйнаг денджызмæ; сæрдæй, зымæгæй
афтæ уыдзæн. 9Дунедарæг суыдзæнис æгас
зæххы Паддзах, иунæг Дунедарæг, Йæ ном
дæр уыдзæнис иу. 10Ацы зæхх æгасæй дæр
дæлвæз фестдзæни, Гевæйæ суанг Рим-
моны, Йерусалимы хуссарварс чи ис, уый
онг, Йерусалим та уыдонæй фæуæлдæр уы-
дзæн. Йæ бынаты лæудзæн æмæ Бениамины
кулдуарæй Рагон кулдуар æмæ Фисыны
кулдуары онг, Хананелы мæсыгæй пад-
дзахы сæндуцæнты онг адæмæй байдзаг
уыдзæн. 11Цæрдзысты дзы адæм, æлгъыстаг
нал фæуыдзæн, Йерусалим уыдзæнис æдас.
12Йерусалимы ныхмæ чи хæцыди, уыцы
адæмты Дунедарæг бафхæрдзæн: сæ къæх-
тыл ма лæудзысты, афтæмæй сæ буæрттæ
æмбидзысты, сæ цæстытæ бахаудзысты, се
'взæгтæ сæ комы бахус уыдзысты. 13Уыцы
бон Дунедарæджы фæндæй адæмтæ сызнæт
уыдзысты, кæрæдзимæ лæбурдзысты, ал-
чи йæ хионыл дæр нал ауæрддзæн. 14Иудæ
дæр тох кæндзæнис Йерусалимы ныхмæ.
Йерусалимы алыварс цы адæмтæ цæрынц,
уыдоны исбон Йерусалимы хай бауыдзæн:
æнæнымæц сыгъзæрин, æвзист, дарæстæ.
15Сæ асадæнты сын фосы мыггагæй цы-
дæриддæр ссарой — бæхтæ, хæргæфсытæ,
теуатæ, хæрджытæ — се 'ппæты дæр сæ
адæмы азар баййафдзæн. 16Уый фæстæ, Йе-
русалимы ныхмæ цы адæмтæ тох кодтой,
уыдонæй ма чи аирвæза, уыдон æрвылаз
цæудзысты Йерусалиммæ — Паддзахмæ,
Уæларвæфсады Бардарæгмæ бакувынмæ,
стæй Халагъудты бæрæгбонмæ. 17Зæххыл
цæрæг адæмтæй Паддзахмæ, Уæларвæфса-
ды Бардарæгмæ, Йерусалиммæ бакувынмæ
чи не 'рбацæуа, уыдон къæвда нал фен-
дзысты. 18Мысыры адæм куынæ сыстой
æмæ куынæ æрбацæуой, уæд уыдон дæр
къæвда нæ фендзысты, æмæ сæ Дунедарæг,
Халагъудты бæргæбонмæ иннæ адæмтæй чи
не 'рбацæуа, уыдоны хуызæн бафхæрдзæн.
19Ахæм æфхæрд айсдзысты Мысыр æмæ,
Халагъудты бæрæгбонмæ чи не 'рбацæуа,
уыцы адæмтæ се 'ппæт дæр.
20Уыцы заман, суанг бæхты идæттыл цы
дзæнгæрджытæ сауындзынц, уыдоныл дæр
ныффысдзысты: «Дунедарæджы уаз хай».
Дунедарæджы хæдзары цы æгтæ ис, уыдон
дæр, ныводхæссæны раз цы кæхцытæ лæу-
уы, уыдонау уаз суыдзысты. 21Йерусалим
æмæ Иудейы цыдæриддæр æгтæ ис, уыдон
иууылдæр суыдзысты Уæларвæфсады Бар-
дарæджы уаз кæхцытæ. Ныводхæссынмæ
чидæриддæр цæуа, уыдон-иу сæ райсдзысты
æмæ дзы ныводаг фосы дзидза фыцдзыс-
ты. Уыцы бон Уæларвæфсады Бардарæджы
Кувæндоны æцæгæлон базаргæнджытæ нал
уыдзæн.

# Пехуымпар Малахиайы чиныг

Ном Малахиа амоны «мæ минæвар» («æрвыст лæг», «мæ зæд»). Уæвгæ, чи зоны, æмæ ном дæр нæу, фæлæ фæсномыджы хуыз. Чиныг кæд фыст æрцыдис, уый бæрæг нæу, фæлæ, æвæццæгæн, пехуымпарты къаннæг дыууадæс чиныгæн уый сæ фæстаг уыдис.

Кæд адæмы иу хай вавилойнаг уацарæй æрбаздæхтис, стæй Кувæндон дæр ногæй арæзт æрцыди Йерусалимы, уæддæр израилæгты цард уымæй уæлдай нырма ницы бæллиццаг уыди. Уазлæггад кодтой уæлæнгæйтты, куыдфæндыйæ, нæ сæ уырныдта, Хуыцау сыл кæй ауды, уый æмæ се ʼргом фылдæр здæхтой сæ зæххон хъуыддæгтæм, Æгъдау æххæст кæнынмæ сæ не ʼвдæлди.

Малахиайы сæйраг нысан у Дунедарæджы стыр уарзондзинад адæмæн сæ зæрдыл æрлæууын кæнын æмæ, Хуыцау æмæ Израилы ʼхсæн цы фидыд арæзт æрцыд, уыул иузæрдион уæвын. Ноджы ма уый ныфс æвæры, Йæхи æрцыдмæ Йын фæндаг æрцæттæ кæнынмæ Хуыцау кæй æрæрвитдзæн Йæ минæвары. Уыцы æрцыд цæстытыл ауайын кæнын дæр зын у, фæлæ уый алцыппæтæй дæр цæхгæр фендæрхуызон кæндзæн ацы дуне. Ног Фæдзæхсты Малахиайы рагуацтимæ комкоммæ баст у, адæмы Йесо Чырыстийы ʼрцыдмæ чи цæттæ кодта, уыцы Аргъауæг Иоанны уазлæггад.

---

**1** Дунедарæг Малахиайы уылты Израилæн
хъусын кæны рагуац:
2— Израилæгтæ! Æз уæ бауарзтон, — зæ-
гъы Дунедарæг, — фæлæ Мын сымах дзу-
рут: «Цæмæй нын равдыстай дæ уарзон-
дзинад?» Ау, Исав æмæ Йаков æфсымæртæ
не сты? — зæгъы Дунедарæг. — Фæлæ Æз
Йаковы бауарзтон, 3Исав та мын æнæуы-
нон сси. Йæ хæхтæй йын æдзæрæг быдыр
сарæзтон, йæ зæххыл ын хъæддаг куыйты
æрцæрын кодтон.
4Едомæгтæ зæгъдзысты: «Ныддæрæн нæ
кодтой, нæ хæлддзæгтæ ногæй рацаразæм».
Фæлæ Уæларвæфсады Бардарæг афтæ зæ-
гъы: — Уыдон сараздзысты, Æз та сæ но-
гæй ныппырх кæндзынæн; схондзысты сæ
æлгъыст бæстæ, Дунедарæг мыггагмæ кæй
ралгъыста, ахæм адæм. 5Уыдæттæ уæхи
цæстæй фендзыстут æмæ зæгъдзыстут:
«Дунедарæджы хъомыс Израилы арæнтæй
дарддæр аххæссыд».
6— Фырт кад кæны йæ фыдæн, цагъар —
йæ хицауæн. Кæд Æз уæ Фыд дæн, уæд Мын
кад цæуылнæ кæнут? Кæд уæ Хицау дæн,
уæд Мæ разы аргъуыц цæуылнæ кæнут? —
зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг. — Сау-
джынтæ, Мæ ном Мын сæгад кодтат, уæхæ-
дæг ма Мæ ноджы, цæмæй, зæгъгæ, фæрсут.
7Мæ нывондхæссæнмæ Мын нæфæтчиаг
дзул æрбахæссут æмæ ма уый фæстæ дзурут,
цæмæй Дæ кæнæм æгад, зæгъгæ. Дунеда-
рæджы фынг кады аккаг нæу, зæгъгæ, кæй
дзурут, уымæй. 8Науæд нывондæн куырм,
къуылых кæнæ рынчын фосы кæй æрбахæс-
сут, уый уæм хорз кæсы? Де ʼлдары размæ-ма
сæ бахæсс, цымæ дæ разыйæ баззайдзæн
æмæ дæм хорз цæстæй ракæсдзæн? — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг. 9Уæдæ кувут Хуы-
цаумæ, цæмæй уын ныххатыр кæна. Фæлæ
Йын ахæм нывæндтæ куы хæссат, уæд уæ Йæ
хорзæхы аккаг куыд хъуамæ скæна? — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг. — 10Фæлтау сыма-
хæй исчи Кувæндоны дуæрттæ куы сæхгæ-
нид, цæмæй Мын Мæ нывондхæссæныл арт
дзæгъæлы мауал судзат. Мæ зæрдæ уæ нæ
райы, уæ нывæндтæ уын нæ айсдзынæн, —
зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг.
11Скæсæнæй ныгуылæны онг адæмты
ʼхсæн скадджын уыдзæн Мæ ном! Алы ран
Мæ номы кадæн буд судздзысты, сыгъдæг
нывæндтæ Мын æрхæсдзысты. Адæмтæ
Мын стаудзысты Мæ ном, — зæгъы Уæлар-
вæфсады Бардарæг. — 12Сымах Мын цъыф
калут Мæ номыл, афтæ уæм кæсы, цыма
Дунедарæджы фынг уаз нæу. Йæ уæлæ йын
цы хойраг сæвæрынц, уый кады аккаг нæ
кæнут. 13Уæхимæ гæсгæ тынг бафыдæбон
кæнут, Мæ размæ Мын сахъат, къуылых кæ-
нæ рынчын фосы нывондæн куы ʼрбахæссут,
уæд, — зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг. —
Ахæм нывонд Æз уæ къухтæй куыд хъуамæ
айсон? — зæгъы Дунедарæг. — 14Йæ рæгъауы
æнæсахъат нæлвос кæмæн ис, афтæмæй
Дунедарæгæн цæнкуыл фосы нывондæн чи

’рбахæссы, уыцы фæлитой æлгъыст у, уымæн
æмæ Æз дæн хъомысджын Паддзах, — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг, — Мæ ном стыр
тасы æфтауы адæмты.

**2** Сауджынтæ, мæнæ уын Мæ фæдзæхст:
2куынæ Мæм хъусат æмæ Мын Мæ номæн
æппæт зæрдæйæ кад куынæ кæнат, — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг, — уæд уын Æз
ралгъитдзынæн уæ арфæтæ, ныридæгæн
сæ ’лгъитын, уымæн æмæ Мын Мæ номæн
зæрдиагæй кад нæ кæнут. 3Уæ мыггагыл
уын хъоды бакæндзынæн, уæ цæсгæмт-
тыл уын, нывондæн кæй хæссут, уæ уыцы
фосы фаджыс фæкалдзынæн, æмæ уæ йе-
мæ аппардзысты. 4Æмæ уæд, Левиимæ цы
фидыд сарæзтон, уый кæй æххæст кæнын
æмæ ахæм бардзырд уымæн кæй радтон,
уый базондзыстут, — зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг. — 5Мæ фидыды йын Æз балæвар
кодтон цард æмæ амонд, æмæ йын дыууæ
дæр радтон, цæмæй Мын кад кæна, Мæ но-
мы раз Мын аргъуыц кæна, уый тыххæй.
6Йæ дзыхæй хъуысти рæстдзинады Æгъдау,
сайæн ныхас дзы никуы схауд, амондджын
æмæ рæстудæй Мын лæггад кодта, бирæты
аздæхта тæригъæдæй. 7Сауджыны дзыхæй
хъуамæ, Хуыцауы базонынæн пайда цы у,
уыдæттæ хъуысой, йæ ныхæсты йын Ху-
ыцауы Æгъдау агурынц, уымæн æмæ уый
Уæларвæфсады Бардарæджы минæвар у.
8Фæлæ сымах уыцы фæндагæй азылдыстут,
æмæ бирæты фæрæдийын кодтат, Æгъдауы
домæнтæ нал æххæст кæнынц. Левиимæ цы
фидыд сарæзтон, уый фехæлдтат, — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг. — 9Мæ фæндагыл
кæй нæ цыдыстут æмæ Мын Ме ’гъдау кæй
сзыгъуыммæ кодтат, уый тыххæй уæ Æз
æппæт адæмы раз æрныллæг æмæ сæлгъаг
кæндзынæн.

10Иу Фыд нæй не ’ппæтæн дæр? Иу Хуы-
цау нæ не сфæлдыста? Уæдæ кæрæдзиуыл
сайдæй цæмæн цæуæм, цæмæн халæм нæ
фыдæлты фидыд? 11Иудæ ракодта мæнгард
ми, æлгъаг хъуыддæгтæ арæзт цæуынц Йе-
русалим æмæ æгас Израилы. Иудæ фегад
кодта, Дунедарæг кæй уарзта, уыцы Кувæн-
дон, æцæгæлон хуыцаумæ чи куывта, ахæм
чызджы æрхаста. 12Уыдæттæ чи кæны æмæ
афтæмæй Уæларвæфсады Бардарæгæн ны-
вæндтæ чи хæссы, уымæн Дунедарæг Изра-
илы цатырты йæ байзæддæгты иууылдæр
ныццæгъдддзæн.

13Æмæ ма ноджы мæнæ цытæ кæнут: Ду-
недарæджы нывондхæссæны раз кæут æмæ
дзыназут, Дунедарæг уын уæ нывæндтæм
кæй не ’ркæсы æмæ сæ кæй нал айсы, уый
тыххæй. 14Сымах зæгъут: «Цæй тыххæй?»
Уымæн æмæ Дунедарæг, æвзонгæй дын чи
уыд, дæ уыцы ус æмæ де ’хсæн æвдисæн ныл-
лæууыд, ды та йыл рацыдтæ гадзрахатæй,
афтæмæй уый дæ цардæмбал у, Æгъдаумæ
гæсгæ — де ’мкъай. 15Хуыцау уæ уд æмæ
буарæй дæр не сиу кодта? Æмæ иу чи сси,
уымæн йæ нысан цæй мидæг уыди? Хуыцау
кæй ралæвар кодта, уыцы цоты агурын. Уæ-
дæ хъахъхъæнут уæ удтæ, æмæ уæ алчидæр,
йе ’взонджы бонты цы бинойнаджы æрхас-
та, ууыл гадзрахатæй ма рацæуæд. 16Усы
ауагъд мын æнæуынон у, уый, адæймаг йæхи
тыхмийæ куы сæгад кæна, уымæй уæлдай
нæу, — зæгъы Дунедарæг, Израилы Хуыцау.
Хъахъхъæнут уæ удтæ æмæ, гадзрахатæй
чи рацæуы, ахæмтæ ма ут, — зæгъы Уæлар-
вæфсады Бардарæг.

17Сымах Дунедарæджы уæ ныхæстæй
смæсты кæнут, уæхæдæг дзурут, цæмæй
Йæ кæнæм мæсты, зæгъгæ. Дунедарæг алы
фыдгæнæгмæ дæр хорз цæстæй кæсы æмæ
ахæмтыл ауды, зæгъгæ, кæй фæзæгъут, уы-
мæй. Ноджы ма сымах зæгъут: «Кæм ис рæст-
дзинады Хуыцау?»

**3** Мæнæ Æз æрвитын Мæ фидиуæджы, цæ-
мæй Мын Мæ развæндаг слæгъз кæна. Æвип-
пайды Йæ Кувæндонмæ æрцæудзæн, сымах
кæй агурут, уыцы Бардарæг, кæмæ бæллут,
уыцы бадзырды Фидиуæг. Мæнæ нырид æ-
гæн æрбацæуы, — зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг. — 2Йе ’рцыды бон куы ралæууа,
уæд чи бафæраздзæн? Уый куы фæзына,
уæд чи нæ фæцудддзæн? Уый у згъæртайын-
гæнæн пецы арт, сыгъдæггæнæг фæныкдон.
3Уый бавдæлдзæн æмæ æвзист батайын æмæ
ссыгъдæг кæндзæн. Левийы байзæддæгты
ссыгъдæг æмæ стайын кæндзæн, сыгъзæрин
æмæ æвзистау, цæмæй Дунедарæгæн рæстаг
нывæндтæ хæссой. 4Æмæ уæд Дунедарæгæн,
рагзаманты куыд уыдис, афтæ Иудей æмæ
Йерусалимы нывæндтæ ногæй суыдзысты
æхцон.

5Рæхджы уæм Æз тæрхон кæнынмæ ’рцæу-
дзынæн! Æз хурмæ рахæсдзынæн кæлæн-
гæнджыты, хæтаг адæмы, йæ ард чи сайы, йе
’ххуырстæн мызд чи нæ фиды, идæдз æмæ
сидзæры чи ’фхæры, æцæгæлоны æввахс чи
нæ уадзы æмæ Мæнæй чи нæ тæрсы, уыдоны
хъуыддæгтæ, — зæгъы Уæларвæфсады Бар-
дарæг. — 6Уымæн æмæ Æз Дунедарæг дæн.
Йаковы фырттæ, Æз ивгæ нæ кæнын, æмæ

сымах дæр уый фæрцы нæ фесæфтыстут.
7Мæ уагæвæрдтæй Мын суанг уæ фыдæлты
заман уе 'ргом аздæхтат, нæ сæ æххæст кæ-
нут. Раздæхут Мæм, æмæ уæм уæд Æз дæр
Ме 'ргом раздахдзынæн, — зæгъы Уæлар-
вæфсады Бардарæг. — Сымах Мын дзурут:
«Куыд Дæм раздæхæм?» 8Зæгъут-ма уæдæ,
адæймагæн Хуыцауæй давын æмбæлы? Сы-
мах та Мæ давгæ кæнут. Зæгъдзыстут Мын:
«Цы Дæ давæм?» Уе 'фтиаджы дæсæймаг
хай æмæ уæ хуынтæ. 9Сымах æлгъыст стут
бæлвырд, уымæн æмæ уæ адæм иуылдæр
давынц Мæнæй. 10Уе 'фтиаджы дæсæймаг
хайттæ иууылдæр къæбицтæм æрбахæс-
сут, цæмæй Мæ Хæдзары хойраг уа, æмæ
Мæ уымæй уæддæр бафæлварут, — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг. — Цымæ уын арвы
дуæрттæ нæ байгом кæнин æмæ Мæ арфæты
бын нæ фæуаиккат? 11Уæ зæххы бæркад уын
чи ныхъуыры, уыдоны Æз бауромдзынæн,
уæ сæнæфсиртæ быдырты æнæ дыргъæй
нал баззайдзысты, — зæгъы Уæларвæфса-
ды Бардарæг. — 12Адæмтæ уæ амондджын
хондзысты, уымæн æмæ тæхудиаг уыдзæн
уæ зæхх, — зæгъы Уæларвæфсады Бардарæг.
13Сымах къæйныхæй дзурут Мæ ныхмæ, —
зæгъы Дунедарæг. — Зæгъдзыстут Мын:
«Цымæ цы дзурæм?» 14Сымах зæгъут: «Дзæ-
гъæлы лæггад кæнæм Хуыцауæн. Цы пайда
нын ис, Йæ уагæвæрдтæ Йын кæй æххæст
кодтам æмæ Уæларвæфсады Бардарæджы
раз хъыггæнгæйæ кæй цардыстæм, уымæй?
15Æмæ ныр, сæрбæрзондæй чи цæуы, уыдо-
ны мах амондджын хонæм, фыдгæнджытæ
махæй хуыздæр цæрынц. Æмæ, кæд Дунеда-
ræджы ракъахынц, уæддæр сæм фыдбылыз
æввахс нæ цæуы». 16Фæлæ Дунедарæгæн
кад чи кæны, уыдон кæрæдзийæн дзурынц:
«Дунедарæг уыны æмæ хъусы уыдæттæ. Чи
дзы тæрсы æмæ Йын кад чи кæны, уыдоны
нæмттæ зæрдылдарæн чиныджы фыссы».
17Æмæ уыдон суыдзысты Мæн, — зæгъы
Уæларвæфсады Бардарæг, — Æз сæ уыцы
бон скæндзынæн мæ зынаргъ исбон æмæ
сын батæригъæд кæндзынæн, фыд, чи йын
лæггад кæны, йæ уыцы фыртæн куыд ба-
тæригъæд кæны, афтæ. 18Æмæ уæд ногæй
фендзыстут, рæстуд æмæ тæригъæдджыны,
Хуыцауæн чи лæггад кæны æмæ Йын лæггад
чи нæ кæны, уыдоны 'хсæн цы хицæндзи-
над ис, уый.

**4** Æрхæццæ уыдзæн Мæ Тæрхоны бон,
пиллон калдзæнис пецау. Уæд сæрыстыр-
тæ æмæ тæригъæдджынтæ хъæмпы хуы-
зæн суыдзысты, цы бон æрцæудзæн, уый
сæ басудздзæн, — зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг, — нæ сæ ныууадздзæнис нæдæр
уидаг, нæдæр къалиутæ. 2Сымахыл та, Мæ
номæн кад чи кæны, уыдоныл, скæсдзæни
рæстдзинады хур. Йæ тынтæ æвдадзы хос
сты, æмæ, фосдонæй æддæмæ кæй рауагътой,
уыцы хæрзхаст родтау гæппытæ кæндзыстут.
3Æнæхуыцæутты бассæнддзыстут, æмæ уæ
къæхты бын рыг фестдзысты, Æз кæй снысан
кодтон, уыцы бон, — зæгъы Уæларвæфсады
Бардарæг.
4Ма рох кæнут Мæ цагъар Моисейы Æгъ-
дау, Хоревы хохы сæрыл æппæт Израилæн
кæй радтон, уый, Мæ домæнтæ æмæ Мæ
уагæвæрдтæ.
5Мæнæ уæм æз Дунедарæджы стыр æмæ
тæссаг боны размæ арвитдзынæн пехуым-
пар Илийайы. 6Уый фыдæлты зæрдæтæ
аздахдзæни сæ байзæддаджы 'рдæм, бай-
зæддаджы зæрдæтæ та — сæ фыдæлтæм,
цæмæй, куы 'рцæуон, уæд зæхх æлгъыстаг
ма фæкæнон.

# НОГ ФÆДЗÆХСТ

# Матфейы Евангели

Чырыстон традицимæ гæсгæ, ацы Евангелийы авторыл нымайынц, Йесо Чырысти Йæ фæдыл рацæуынмæ кæмæ фæсидти æмæ дыууадæс апостолæй иу кæй скодта, уыцы хъалонисæг Левий Матфейы. Матфей йæ Евангели ныффыста, чырыстон дин чи райста, сæйрагдæр уыцы дзуттæгтæн. Уый йæ чиныг райдайы Назаретаг Йесойы хæдзарвæндаджы номхыгъдæй æмæ уымæй банысан кæны, Йесо дзуттæгты рагфыдæл Авраам æмæ израилаг паддзах Давиды байзæддаг кæй у, уый. Рагон Фæдзæхстæй дæнцæгтæ хæсгæйæ, Матфей æргом кæны, Йесо кæй у, дзуттаг пехуымпартæ рагацау Кæй æрцыды тыххæй дзырдтой, Хуыцауы æвзæрст Уыцы Паддзах æмæ Ирвæзынгæнæг.

Матфей йе 'ргом тынг здахы Йесойы ныхæстæ æмæ амындтытæм (чиныджы ахсынц йæ цыппæрæм хаймæ æвваxс бынат), уыдоны фæстæ та цæуы таурæгъон æрмæг. Ацы чиныджы ис, иннæ Евангелиты чи не 'мбæлы, Чырыстийы уыцы 10 æмбисонды. Матфей æвдисы, Йесо Хуыцауы Æгъдау куыд æмбары, уый, Йæ Паддзахады тыххæй Йæхæдæг куыд амоны, уыдæттæ. Фæлæ нoджы ахсджиагдæр уый у, æмæ Йесойы фæрцы Хуыцауы Æгъдау æмæ пехуымпарты рагныхæстæ кæй сæххæст сты, израилаг адæмы истори та йæ тæмæны кæй бацыд.

Таурæгъон тексты бæрæг дарынц Чырыстийы æлвæст ныхæсты цыппар тематикон æмбырдгонды:

1. Уæлхох уацамынд Уæларвон Паддзахады тыххæй (5–7 сæртæ).
2. Фæдзæхстытæ дыууадæс апостолæн (10 сæр).
3. Уæларвон Паддзахады тыххæй æмбисæндтæ (13 сæр).
4. Чырыстийы ахуыргæнинаг суæвынæн цы хъæуы, уый фæдыл амонæн ныхас; рагуац дунейы фидæны тыххæй (24–25 сæртæ).

---

**1** Мæнæ Йесо Чырыстийы — Авраам æмæ
Давиды байзæддаджы — хæдзарвæндаг.
2 Авраамæй райгуырд Исаак, Исаакæй —
Йаков, Йаковæй — Иудæ æмæ йе 'фсымæртæ;
3 Иудæйæн Тамарæй райгуырдысты Парец
æмæ Зарах. Парецæй райгуырд Есром, Есро-
мæй — Арам; 4 Арамæй райгуырд Аминадав,
Аминадавæй — Нахшон; Нахшонæй — Сал-
мон; 5 Салмонæн Рахавæй райгуырд Боаз,
Боазæн Руфæй — Овед, Оведæй райгуырд
Йессей; 6 Йессейæ райгуырди паддзах Да-
вид, Давидæн Уриайы усæй — Соломон;
7 Соломонæй райгуырди Роховам, Рохова-
мæй — Авийа; Авийайæ — Асаф; 8 Асафæй
райгуырд Иосафат, Иосафатæй — Иорам;
Иорамæй — Озиа; 9 Озиайæ райгуырд Йотам,
Йотамæй — Ахаз; Ахазæй — Езекиа; 10 Езе-
киайæ райгуырди Менассиа, Менассиайæ —
Амон, Амонæй — Иосиа; 11 Иосиайæ райгу-
ырдысты Йехониа æмæ йе 'фсымæртæ. Уый
уыдис Вавилоны размæ.
12 Вавилоны фæстæ Йехониайæ райгуыр-
ди Шеалтиел, Шеалтиелæй — Зоровавел;
13 Зоровавелæй райгуырд Авиуд, Авиу-
дæй — Елиаким, Елиакимæй — Азор; 14 Азо-
рæй райгуырди Цадок; Цадокæй — Ахим,
Ахимæй — Элиуд; 15 Элиудæй райгуырд Еле-
азар; Елеазарæй — Матфан, Матфанæй — Йа-
ков; 16 Йаковæй райгуырди Мариайы мой
Йосиф; Мариа ныййардта, Чырысти Кæй
хонынц, уыцы Йесойы.
17 Уæдæ Авраамæй Давиды онг æдæппæтæй
уыди цыппæрдæс фæлтæры; Давидæй Вави-
лонмæ хаст æрцæуыны онг дæр — цыппæр-
дæс фæлтæры; æмæ Вавилоны заманæй Чы-
рыстийы онг дæр — цыппæрдæс фæлтæры.
18 Йесо Чырыстийы райгуырд уыдис аф-
тæ. Йæ мад Мариа ма куырдуаты бадти,
Йосифимæ нæма баиу сты, афтæмæй ра-
бæрæг ис, Мариа Сыгъдæг Уды хъомы-
сæй æнхъæлцау кæй у, уый. 19 Йæ мойаг
Йосифы, раст адæймаг куыд уыди, уы-
мæ гæсгæ нæ фæндыди Мариайы адæмы
цæсты бафтауын æмæ хъавыди, се 'хсæн
цы фидыд уыд, уый æнæ иу æвдисæнæй
фехалын. 20 Ахæм хъуыды йæм куы сæв-
зæрди, уæд æм фыны Хуыцауы зæд раргом
ис æмæ йын загъта: «Давиды байзæддаг
Йосиф! Ма тæрс дæ усаг Мариайы хæдзар-
мæ æрхонынæй, уымæн æмæ, йæ зæр-
дæйы бын кæй хæссы, Уый йын Сыгъдæг
Удæй у. 21 Ныййардзæни дын Фырт æмæ

Йæ схондзынæ Йесо, уымæн æмæ Уый
Йæ адæмы сæ тæригъæдтæй фервæзын
кæндзæн». 22Æппæт уыдæттæ æрцыдисты,
цæмæй сæххæст уа, Хуыцау пехуымпары
дзыхæй цы фехъусын кодта, уый: 23«Чызг
банхъæлцау уыдзæн æмæ ныййардзæн
Фырт, схондзысты Йæ Эммануил», ома
«Хуыцау немæ ис».
24Йосиф куы райхъал ис, уæд, Хуыцауы
зæд ын куыд бафæдзæхста, афтæ бакод-
та — Мариайы йæхицæн усæн æрхуыдта.
25Æмæ йæм æмгæрон не 'рцыд, афтæмæй
Мариа ныййардта Фырт, æмæ Йæ Йосиф
схуыдта Йесо.

**2** Йесо райгуырди иудейаг Вифлеемы, пад-
дзах Ироды заман. Йæ райгуырды фæстæ
Йерусалиммæ скæсæнæй æрбацыдысты
стъалыдæснытæ æмæ фарстой: 2«Кæм ис
иудейаг ноггуырд Паддзах? Мах Ын Йе стъа-
лы федтам скæсæнæй ссæугæ æмæ æрцы-
дыстæм, цæмæй Йæм бакувæм».
3Паддзах Ирод уый куы фехъуыста, уæд
катайы бацыд, æмæ йемæ — æгас Йерусалим
дæр. 4Уæд иудейаг алчертæ æмæ динамон-
джыты иууылдæр æрæмбырд кодта æмæ сæ
фарста: «Чырысти кæм хъуамæ райгуыра?»
5Уыдон ын дзуапп радтой: «Иудейаг Виф-
леемы, уымæн æмæ пехуымпармæ афтæ
фыст ис:
6 „Ды дæр, Вифлеем, Иудæйы зæхх,
сæ къаддæр куы нæ дæ, мыййаг,
Иудæйы сæйраг сахартæн, —
дæуæй рацæудзæн Фæтæг,
Мæ адæмы, Израилы, Фыййау“».
7Уæд Ирод сусæгæй стъалыдæснытæм
фæсидти, цæмæй стъалыйæн йæ фæзынды
афон сбæлвырд кæна. 8Æмæ сæ Вифлеем-
мæ куы æрвыста, уæд сын бафæдзæхста:
«Ацæут æмæ Сывæллоны тыххæй бæлвырд
базонут. Куы Йæ ссарат, уæд мæм фæхабар
кæнут, цæмæй æз дæр ацæуон æмæ Йæм
бакувон». 9Уыдон, паддзах сын цы зæгъинаг
уыд, уымæ байхъуыстой æмæ араст сты сæ
фæндагыл. Скæсæны цы стъалы федтой, уый
цыди сæ разæй, цалынмæ, Сывæллон кæм
уыди, уыцы бынаты сæрмæ не 'рлæууыди,
уæдмæ. 10Стъалы æрлæугæ куы бафиппайд-
той, уæд сæ цинæн кæрон нал уыди. 11Æмæ
хæдзармæ куы бацыдысты, уæд дзы федтой
Сывæллоны, Йæ мад Мариаимæ; сæ зонгуы-
тыл æрхаудысты æмæ Йын бакуывтой. Уый
фæстæ систой сæ хæзнатæ æмæ Йын Йæ
размæ бахастой сæ лæвæрттæ: сыгъзæрин,
буд æмæ смирнæ. 12Фыны сын, Иродмæ ма-
уал раздæхут, зæгъгæ, фæдзæхст кæй уыди,
уымæ гæсгæ сæ бæстæм аздæхтысты æндæр
фæндагыл.
13Уыдон куы ацыдысты, уæд Хуыцауы
зæд Йосифмæ фыны раргом ис æмæ йын
загъта: «Сыст уæлæмæ, Сывæллоны Йæ
мадимæ демæ акæн æмæ лидзгæ кæн Мы-
сырмæ. Цалынмæ дын зæгъон, уæдмæ-иу
уым лæуу, уымæн æмæ Иродæн йæ зæрды
ис Сывæллоны ссарын æмæ Йæ амарын».
14Йосиф сыстад æмæ æхсæвы Сывæллон
æмæ Йæ мадимæ ацыди Мысырмæ. 15Уым
фæцис Ироды амæлæтмæ.
Афтæмæй хъуамæ сæххæст уыдаид, пе-
хуымпары дзыхæй Хуыцау цы загъта, уый:
«Æз Мысырмæ фæсидтæн Мæ Фыртмæ».
16Стъалыдæснытæ йыл сайдæй рацы-
дысты, уый куы бамбæрста Ирод, уæд тынг
смæсты ис. Æмæ бардзырд радта, цæмæй,
Вифлеем æмæ йæ алфамбылай дыууæ азы
онг кæуыл цыд, уыцы лæппуты се 'ппæты
дæр амарой: Сывæллон цы кары ис, уый
сбæлвырд кодта, стъалыдæснытæй цы ба-
зыдта, уымæ гæсгæ.
17Уæд сæххæст ис, пехуымпар Йеремиа цы
загъта, уый: 18«Рамайæ хъуысы æрдиаг, кæ-
уын æмæ зæрдæхалæн хъарæг, — уый Рахел
йæ хъæбултыл дзыназы æмæ йын басабыры
амал нæй, уымæн æмæ йын нал сты».
19Ироды амæлæты фæстæ Йосифмæ Мы-
сыры Хуыцауы зæд раргом ис фыны 20æмæ
йын загъта: «Сыст, ракæн Сывæллоны Йæ
мадимæ æмæ ацу Израилы зæхмæ — Сы-
вæллоны марынвæнд чи кодта, уыдон удæгас
нал сты». 21Йосиф сыстади, ракодта Сывæл-
лоны Йæ мадимæ æмæ æрцыд Израилы зæх-
мæ. 22Фæлæ, Иудейы йæ фыд Ироды бæсты
паддзахиуæг йæ фырт Архелай кæны, уый
куы фехъуыста, уæд уырдæм нал бауæн-
дыди. Фыны йын куыд загъдæуыдис, афтæ
Галилейы зæхмæ йæхи айста. 23Æрцыдис
уырдæм æмæ æрцарди, Назарет цы сахар
хуынди, уым.
Афтæмæй хъуамæ сæххæст уыдаид, пе-
хуымпартæ цы загътой, уый: «Схондзысты
Йæ Назорей».

**3** Уыцы рæстæг фæзындис Аргъауæг Ио-
анн æмæ Иудейы æдзæрæг быдыры хъу-
сын кодта: 2«Уæ тæригъæдтыл æрфæсмон
кæнут, уымæн æмæ Уæларвон Паддзахад
æрхæстæг ис».

**1:21** Ном Йесо (дзуттагау «Йегъошуа») амоны «Бардарæг ир-
вæзын кæны». **2:11** Смирнæ – ома «миррæ»; хæрздæфгæ-
нæг чъиу, Аравийы цы зайæгой задис, ууыл.

3Иоанн уыди, пехуымпар Исайа рагагъом-
мæ афтæ кæй тыххæй загъта: «Æдзæрæг
быдыры хъуысы фидиуæджы хъæлæс: „Æр-
цæттæ кæнут Бардарæгæн фæндаг, сæмраст
Ын кæнут Йæ цæуæнтæ“». 4Иоаннæн йæ уæ-
лæдарæс уыди теуайы хъуынæй, йæ астæуыл
дардта гæрзæй рон; хъæддаг бындзыты мыд
æмæ мæтыхтæ уыдысты йæ хæринаг. 5Йе-
русалим æмæ æгас Иудей, Иорданы алфам-
былай цæрджытæ йæм иууылдæр цыдысты,
6æргомæй састысты сæ тæригъæдтыл, æмæ
сыл Иоанн аргъуыдта Иорданы цæугæдоны.

7Фарисейтæ æмæ йæм саддукейтæй сар-
гъауынмæ бирæтæ кæй цæуынц, Иоанн уый
куы федта, уæд сын загъта: «Калмы цот! Чи
уын загъта, æмæ сымах сомбоны азарæй
аирвæздзыстут? 8Кæд æцæг зæрдиагæй æр-
фæсмон кодтат, уæд æй хъуыддагæй равди-
сут. 9Нæ фыдæл Авраам у, зæгъгæ, ма дзурут
уæхимымæр. Зæгъын уын, Хуыцауæн ацы
дуртæй дæр Йæ бон у Авраамæн цот скæ-
нын. 10Фæрæт ныридæгæн бæласы рæбын
цæттæйæ лæууы: йæ дыргъ цы бæласæн
нæ фæбæззы, уый акалынц æмæ йæ арты
баппарынц. 11Уæ фæсмоны нысанæн уыл
æз æрмæстдæр донæй аргъауын, фæлæ мæ
фæдыл Чи æрбацæуы, Уый мæнæй тыхджын-
дæр у; æз Ын Йæ дзабыртæ хæссыны аккаг
дæр нæ дæн. Æмæ уыл Уый аргъаудзæни
Сыгъдæг Удæй æмæ артæй. 12Йæ фыййаг Йæ
къухы ис, æмæ Йæ мус ссыгъдæг кæндзæн.
Мæнæу Йæ хордоны бафснайдзæн, зыгуым
та æнæхуысгæ арты басудздзæн».

13Уыцы рæстæг Йесо Галилейæ æрцыдис
Иорданмæ, цæмæй Йыл Иоанн донæй сар-
гъауа. 14Иоанн Æй урæдта æмæ Йын дзырд-
та: «Уый Ды хъуамæ саргъауай мæныл, Ды
та мæнмæ æрбацыдтæ?» 15Фæлæ йын Йесо
загъта: «Ныр уал афтæ уæд. Афтæмæй мах
Хуыцауы фæндон сæххæст кæндзыстæм».
Æмæ уæд Иоанн сразы ис. 16Аргъуыды фæс-
тæ, Йесо донæй куыд рахызти, афтæ Йæ
сæрмæ арвы дуар фегом ис, æмæ федта:
Хуыцауы Уд бæлоны хуызы æрцæуы æмæ
Йæм æрбахæстæг кæны. 17Æмæ уæлæрв-
тæй æрыхъуысти: «Ай мæ уарзон Фырт у.
Æз Ыл аудын».

**4** Уæд Сыгъдæг Уд Йесойы акодта æдзæрæг
быдырмæ, цæмæй Йæ хæйрæг бафæлвара.
2Уым Йесо дыууиссæдз боны æмæ дыууис-
сæдз æхсæвы ком фæдардта æмæ фæстагмæ
систонг ис. 3Уæд Æм хæйрæг æрбацыд æмæ
Йын загъта: «Кæд Хуыцауы Фырт дæ, уæд
зæгъ, цæмæй ацы дуртæ фестой дзултæ».
4Йесо йын дзуапп радта: «Фыст ис: „Айдагъ
дзулæй нæ цæры адæймаг, фæлæ Хуыцауы
дзыхæй рацæугæ алы дзырдæй дæр“». 5Уæд
Æй хæйрæг акодта уаз сахармæ, æрлæуу-
уын Æй кодта Кувæндоны уæлхæдзарыл
6æмæ Йын загъта: «Кæд Хуыцауы Фырт дæ,
уæд Дæхи ардыгæй фехс дæлæмæ. Уымæн
æмæ фыст ис: „Йæ зæдтæн бафæдзæхсдзæ-
ни Дæу бахъахъхъæнын — сæ къухтыл Дæ
ахæсдзысты, æмæ Дæ къах дурыл дæр не
скъуырдзынæ“». 7Йесо йын загъта: «Афтæ
дæр ма фыст ис: „Ма фæлвар дæ Хицау Ху-
ыцауы“». 8Уæд та Йæ хæйрæг иу бæрзонд
хохы сæрмæ скодта æмæ Йын равдыста
дунейы æппæт паддзахæдтæ сæ кадимæ.
9Загъта Йын: «Дæ зонгуытыл куы æрхауай
æмæ мын куы бакувай, уæд адон иууылдæр
Дæу уыдзысты». 10Йесо йын дзуапп радта:
«Фесæф, сайтан! Фыст ис: „Кув дæ Хицау
Хуыцаумæ æмæ æрмæстдæр Уымæн лæг-
гад кæн“». 11Уæд Æй хæйрæг ныууагъта.
Уайтагъд Æм æрцыдысты зæдтæ æмæ Йын
кæстæриуæг кодтой.

12Иоанны æрцахстой, уый фехъусгæйæ,
Йесо фæстæмæ Галилеймæ аздæхти. 13На-
заретæй ацыд æмæ æрцарди денджызы был-
гæрон, Капернаумы сахары, Зевулон æмæ
Неффалимы зæххыл.

14Афтæмæй хъуамæ сæххæст уыдаид, пе-
хуымпар Исайайы уылты Хуыцау цы загъта,
уый: 15«Денджызмæ фæндагыл, Иорданы
фаллаг фарс — Зевулон æмæ Неффалимы
зæхх! Муртаттаг Галилей! 16Талынджы цы
адæм цардысты, уыдон æгæрон рухс федтой,
мæлæтон тар бæстæйы чи царди, уыдоны
сæрмæ рухс сæрттывта». 17Уæдæй фæстæмæ
Йесо райдыдта Фарны Уац хъусын кæнын:
«Æрфæсмон кæнут уæ тæригъæдтыл, уымæн
æмæ Уæларвон Паддзахад æрхæстæг ис».

18Йесо Галилейы денджызы былгæрæтты
куы фæцæйцыди, уæд федта дыууæ æфсы-
мæры сæ хызтæ денджызы æппаргæйæ, —
Симоны, хуыдтой ма йæ Петр дæр, æмæ
уымæн йе ’фсымæр Андрейы, — уыдон уы-
дысты кæсагахсджытæ. 19Йесо сын загъта:
«Рацæут Мæ фæдыл, æмæ уæ Æз скæндзы-
нæн адæймагахсджытæ». 20Уыдон уайтагъд
сæ хызтæ фæуагътой æмæ Йæ фæдыл араст
сты. 21Йесо уырдыгæй куы рацæйцыди, уæд
федта æндæр дыууæ æфсымæры — Зеведейы
фырттæ Йаков æмæ Иоанны: сæ фыдимæ
бæлæгъы сæ хызтæ æмпъызтой. Йесо сæм
фæсидти. 22Уыдон уайтагъд фæуагътой сæ
бæлæгъ, стæй сæ фыды æмæ араст сты Йæ
фæдыл.

23Йесо зылдис ӕгас Галилейыл, адӕмӕн
амыдта синагогӕты, хъусын сын кодта Фар-
ны Уац Уӕларвон Паддзахады тыххӕй, дзӕ-
бӕх кодта рынчынтӕ ӕмӕ нӕфӕразгӕты
иуулдӕр. 24Йӕ кой айхъуыст ӕгас Сирийыл,
ӕмӕ Йӕм хастой, алы низтӕ кӕй бадомдтой,
ахӕмты: хӕйрӕджджынты, суртӕгӕнджы-
ты, ӕндзыгнизӕй хъыгдӕрдты, ӕмӕ сӕ
Йесо дзӕбӕх кодта. 25Галилей, Дӕссахар,
Йерусалим, Иудей ӕмӕ Иорданы фаллаг
фарс цы адӕм царди, уыдон къордтӕй Йӕ
фӕдыл цыдысты.

**5** Уый бӕрц адӕм фенгӕйӕ, Йесо ссыди
хохы сӕрмӕ. Куы ӕрбадти, уӕд Ӕм Йӕ аху-
ыргӕнинӕгтӕ бацыдысты, 2ӕмӕ сӕ ахуыр
кӕнын райдыдта:

3Тӕхудиаг сты, Хуыцауы сӕраппонд мӕ-
гуыр чи у, — Уӕларвон Паддзахад уыдоны у.

4Тӕхудиаг сты кӕуджытӕ — Хуыцау сӕ
барӕвдаудзӕн.

5Тӕхудиаг сты сӕрныллӕгтӕ — зӕхх сӕ
хай бауыдзӕн.

6Тӕхудиаг сты, стонгау ӕмӕ, дойны кӕ-
мӕн у, уыйау рӕстдзинадмӕ чи бӕллы, уы-
дон, — Хуыцау сӕ бафсаддзӕн.

7Тӕхудиаг сты бартонтӕ — Хуыцау сын
сӕхицӕн дӕр ныббардзӕн.

8Тӕхудиаг сты сыгъдӕгзӕрдӕтӕ — уыдон
фендзысты Хуыцауы.

9Тӕхудиаг сты фидауынгӕнджытӕ — Ху-
ыцауы хъӕбултӕ сӕ схондзысты.

10Тӕхудиаг сты рӕстдзинады тыххӕй ӕф-
хӕрд ӕййафджытӕ — Уӕларвон Паддзахад
уыдоны у.

11Тӕхудиаг стут, Мӕн тыххӕй уын фидис
куы кӕной, куы уӕ ӕфхӕрой ӕмӕ уыл алы
даутӕ куы мысой, уӕд.

12Цин кӕнут ӕмӕ райут — уӕлӕрвты уӕм
ӕнхъӕлмӕ кӕсы стыр хорзӕх: афтӕ уӕ раз-
мӕ пехуымпарты дӕр ӕфхӕрдтой.

13Сымах зӕххӕн йӕ цӕхх стут. Цӕххы ад
куынӕуал уа, уӕд ма йӕ цӕмӕй сцӕхджын
кӕндзынӕ? Адӕмы къӕхты бынмӕ аппары-
ны йеддӕмӕ ницӕмӕнуал бӕззы.

14Сымах стут дунейы рухс. Хохы цъуппыл
цы сахар ис, уымӕн бамбӕхсӕн нӕй. 15Цы-
рагъ куы ссудзынц, уӕд ӕй мигӕнӕны бын
не ’вӕрынц, фӕлӕ цырагъдарӕныл, цӕмӕй
хӕдзары алкӕмӕн дӕр рухс кӕна. 16Афтӕ
уӕ рухс дӕр кӕлӕд адӕммӕ, цӕмӕй уын
уыной уӕ хорз хъуыддӕгтӕ ӕмӕ кад кӕной
уӕ Уӕларвон Фыдӕн.

17Афтӕ ӕнхъӕл ма ут, ӕмӕ Ӕз Моисейы
Ӕгъдау кӕнӕ пехуымпарты ахуырад аи-
вынмӕ ӕрцыдтӕн. Ӕз сӕ аивынмӕ нӕ, —
сӕххӕст кӕнынмӕ ӕрцыдтӕн. 18Ӕцӕг цы
у, уый уын зӕгъын: цалынмӕ арв ӕмӕ зӕхх
сты, уӕдмӕ Ӕгъдауӕй иу дамгъӕ кӕнӕ иу
хахх дӕр нӕ фӕхъӕуыдзӕн — ӕппӕт дӕр
сӕххӕст уыдзӕн. 19Уӕдӕ ацы фӕдзӕхс-
тытӕн сӕ иуыл къаддӕры сӕрты дӕр чи
ахиза ӕмӕ адӕмы дӕр афтӕ бакӕныныл чи
сардауа, уый Уӕларвон Паддзахады нымад
уыдзӕни ӕппӕты къаддӕрыл. Фӕлӕ сӕ чи
сӕххӕст кӕна ӕмӕ сӕ адӕмӕн дӕр чи ба-
цамона, уый Уӕларвон Паддзахады нымад
уыдзӕни стырыл. 20Зӕгъын уын: уӕ рӕстад
динамонджытӕ ӕмӕ фарисейты рӕстадӕй
уӕлдӕр куынӕ уа, уӕд Уӕларвон Паддза-
хадмӕ нӕ бацӕуудзыстут.

21Сымах фехъуыстат, рагон адӕмӕн цы
загъд уыди, уый: «Ма амар». Чи амара,
уый дзуапп дӕтдзӕни тӕрхоны раз. 22Ӕз
та уын зӕгъын: суанг йе ’фсымӕрмӕ йӕ
зӕрдӕйы маст чи хӕссы, уый дӕр дзу-
апп дӕтдзӕни тӕрхоны раз; йе ’фсымӕ-
рӕн, «ницӕйаг дӕ», зӕгъгӕ, чи зӕгъа,
уый дзуапп дӕтдзӕни синедрионы раз;
«ӕнӕзонд» ӕй чи рахона, уымӕ та ӕн-
хъӕлмӕ кӕсы зындоны арт. 23Уӕдӕ ды
дӕ нывондимӕ нывондхӕссӕнмӕ куы
бацӕуай ӕмӕ дӕм де ’фсымӕр цӕйдӕр
тыххӕй кӕй фӕхъыг ис, уый дӕ зӕрдыл
куы ӕрлӕууа, 24уӕд дӕ кувинӕгтӕ уым,
нывондхӕссӕны раз, ныуадз, ацу, ба-
фидау уал де ’фсымӕримӕ, стӕй раздӕх
ӕмӕ дӕ кувинаджы кой бакӕн. 25Исчи дӕ
истӕмӕй зылын кӕны, уӕд тӕрхондонмӕ
фӕндагыл йемӕ ӕвӕстиатӕй бафидау,
цӕмӕй дӕ тӕрхонгӕнӕгмӕ ма бакӕна,
уый та дӕ хъахъхъӕнӕджы къухтӕм ма
ратта ӕмӕ дӕ ахӕстоны ма баппарой.
26Ӕцӕг цы у, уый дын зӕгъын: цы дарыс,
уый цалынмӕ фӕстаг кодранты онг бафи-
дай, уӕдмӕ уырдыгӕй нӕ рацӕудзынӕ.

27Сымах фехъуыстат, рагон адӕмӕн цы
загъд уыди, уый: «Ма хӕт». 28Ӕз та уын зӕ-
гъын: сылгоймагмӕ мондаджы цӕстӕй чи
кӕсы, уый ныридӕгӕн йӕ мидзӕрдӕйы
фӕхатти йемӕ. 29Дӕ рахиз цӕст дӕ рӕди-
йын кӕны, уӕд ӕй фелвас ӕмӕ йӕ аппар —
ӕгасӕй дӕр зындонмӕ бахауыны бӕсты
фӕлтау дӕ буары хӕйттӕй иу фӕхъӕуӕд.
30Дӕ рахиз къух дӕ рӕдийын кӕны, уӕд
ӕй ралыг кӕн ӕмӕ йӕ аппар — ӕгасӕй дӕр
зындонмӕ бахауыны бӕсты дӕ буары уӕнг-
тӕй иу фӕхъӕуӕд.

**5:26** Кодрант – лыстӕг згъӕр ӕхца Ромы.

31Афтæ дæр ма загъд уыди: «Йæ усы чи
ауадза, уый йын ахицæны гæххæтт раттæд».
32Æз та уын зæгъын: хæтыны азым æм ма
уæд, уымæй дарддæр йæ усы чидæриддæр
ауадза, уый йæ хæтыныл æфтауы. Уагъд усы
чи ракура, уый дæр хæтгæ кæны.
33Сымах фехъуыстат, уæ рагфыдæлтæн
афтæ загъд кæй уыди: «Дæ сомы ма фæсай,
фæлæ, Хуыцауæн цы дзырд радтай, уый
сæххæст кæн». 34Æз та уын зæгъын: сомы ма
кæнут æппындæр — нæдæр арвæй, уымæн
æмæ уый Хуыцауы бадæн у; 35нæдæр зæххæй,
уымæн æмæ уый Йæ къæхты æнцойгæнæн у;
нæдæр Йерусалимæй, уымæн æмæ уый стыр
Паддзахы сахар у. 36Мадæр дæ сæрæй сомы
кæн, уымæн æмæ дæ сæрыхъуынтæй иу дæр
урс кæнæ сау скæнын дæ бон нæу. 37Фæлæ
уæ «о» хъуамæ «о» уа, уæ «нæ» та — «нæ»;
уымæй уæлдай цы ис, уый та хæйрæгæй у.
38Сымах фехъуыстат, цы загъд уыди, уый:
«Цæстæн — цæст æмæ дæндагæн — дæн-
даг». 39Æз та уын зæгъын: дæ бафхæрæджы
ма бафхæр. Уый нæ, фæлæ дын дæ рахиз
æхсæрфарс чи ныццæва, уымæ галиу дæр
бадар. 40Дæ хæдон байсыны тыххæй дыл
тæрхондонмæ чи бахъаст кæна, уымæн ратт
дæ пæлæз дæр. 41Фæндагыл дæ йемæ кило-
метр æмæ æрдæгмæ æввахс чи фæцæуын
кæна, уыимæ ма иу ахæм ацу. 42Курæгæн
ратт, æфстау агурæгыл дæхи ма атигъ кæн.
43Сымах фехъуыстат, цы загъд уыди, уый:
«Уарз дæ хионы æмæ де сæфт уын де зна-
гæй». 44Æз та уын зæгъын: уарзут уе знæгты
æмæ кувут уе ’фхæрджыты тыххæй. 45Æмæ
уæд уыдзыстут уæ Уæларвон Фыды хъæбул-
тæ — Уый хур скæсын кæны хæларзæрдæ-
тыл дæр æмæ фыдзæрдæтыл дæр, къæвда
рауадзы рæстгæнджытыл дæр æмæ тæри-
гъæдджынтыл дæр. 46Чи уæ уарзы, уыдоны
куы уарзат, уæд уын уый тыххæй цавæр
хæрзиуæг хъуамæ уа? Хъалонисджытæ дæр
афтæ нæ кæнынц, æви? 47Кæд уарзон салам
æрмæстдæр уе ’фсымæртæн дæттут, уæд уым
уадиссагæй цы ис? Мурттаттæгтæ дæр афтæ
нæ кæнынц, æви?
48Уæдæ ут æнаипп, уæ Уæларвон Фыд æна-
ипп куыд у, афтæ.

**6** Уæхи хизут, рæстгæнджытæ кæй стут, уый
адæмы цæстмæ æвдисынæй, науæд хæрзи-
уæг нæ райсдзыстут уæ Уæларвон Фыдæй.
2Мæгуырæн æххуыс кæныс, уæд æй дæрдтыл
ма ныхъхъæр кæн. Афтæ синагогæтæ æмæ
уынгты фæкæнынц дыдзæсгæмттæ — искæй
цæстмæ, кады охыл. Æцæг цы у, уый уын
зæгъын: уыдон ныридæгæн райстой сæ хор-
зæх. 3Ды та мæгуырæн куы æххуыс кæнай,
уæд дæ галиу къух ма зонæд, рахиз цы гæнæг
у, уый. 4Уæд де ’ххуысы хай уыдзæни сусæг,
æмæ дæ Фыд, сусæг хъуыддæгтæ уынæг, дæу
схорзæхджын кæндзæн æргомæй.
5Уæдæ, куы фæкувут, уæд дыдзæсгæмт-
ты ма фæзмут — уыдон уарзынц адæмы
цæстмæ синагогæты æмæ тигътыл лæугæйæ
кувын. Æцæг цы у, уый уын зæгъын: уыдон
ныридæгæн райстой сæ хорзæх. 6Ды та, куы
фæкувыс, уæд бацу дæ уатмæ, сæхгæн дæ
дуар æмæ скув, цæстæй Кæй нæ уыныс, дæ
уыцы Фыдмæ. Æмæ дæ Фыд, сусæг хъуыд-
дæгтæ уынæг, дæу схорзæхджын кæндзæн
æргомæй.
7Кувгæйæ та уæлдай ныхæстæ ма дзурут
мурттаттæгтау — уыдон афтæ æнхъæл сты,
æмæ, фылдæр куы дзурой, уæд сæ куывд
хуыздæр фехъуысдзæн Хуыцаумæ. 8Ма сæ
фæзмут, уымæн æмæ, нæма ской кæнут,
афтæмæй йæ уæ Фыд фæзоны, сымах хъуаг
цæмæй æййафут, уый. 9Кувгæ та кæнут афтæ:

Нæ Уæларвон Фыд!
Кадджын уæд Дæ ном!
10 Æрцæуæд Дæ Паддзахад,
уæлæрвты куыд у, афтæ зæххыл дæр
сæххæст уæд Дæ фæндон.
11 Ратт нын абон цæрынваг къæбæр.
12 Ныббар нын нæ хæстæ,
мах нæ хæсджынтæн куыд барæм,
афтæ.
13 Ма нæ бафтау фыдæвзарæны,
фæлæ нæ бахиз сайтанæй.
Уымæн æмæ Паддзахад, тых æмæ кад
Дæу сты мыггагмæ. Аммен.

14Æмæ адæмæн сæ рæдыдтытæ куы хатыр
кæнат, уæд сымахæн дæр уæ Уæларвон Фыд
ныббардзæни уæ тæригъæдтæ. 15Фæлæ сы-
мах адæмæн сæ рæдыдтытæ куынæ хатыр
кæнат, уæд уын уæ Фыд дæр нæ ныббардзæн
уæ рæдыдтытæ.
16Ком даргæйæ-иу дыдзæсгæмттау уæхи
ма хъуынтъыз кæнут — уыдон ныттар кæ-
нынц сæ цæсгæмттæ, цæмæй адæм уыной,
ком кæй дарынц, уый. Æцæг цы у, уый уын
зæгъын: уыдон ныридæгæн райстой сæ хор-
зæх. 17Ды та, ком куы дарай, уæд ныффас дæ
сæр æмæ цæхс дæ цæсгом, 18цæмæй, ком кæй
дарыс, уый адæм ма уыной, фæлæ йæ фена
Дæ Фыд, цæстæй Кæй нæ уыныс, Уый, æмæ
дæ уæд дæ Фыд, сусæг хъуыддæгтæ уынæг,
схорзæхджын кæндзæн æргомæй.
19Зæххыл уæхицæн хæзнатæ ма æмбырд
кæнут — ам сæ рæмпæг æмæ згæ бахæрынц,

хуыснæджытæ сæм баирвæзынц æмæ сæ
адавынц. [20]Уæхицæн хæзнатæ æмбырд кæ-
нут уæларвы — уым сæ нæдæр ræмпæг хæ-
ры, нæдæр сыл згæ хæцы, хуыснæджытæ
дæр сæм не ’ххæссынц æмæ сæ нæ давынц.
[21]Уымæн æмæ уæ хæзна кæм ис, уæ зæрдæ
дæр уым уыдзæн.
[22]Буарæн йæ рухсгæнæн цæст у. Æмæ дæ
цæст сыгъдæг куы уа, уæд дæ буар иууыл-
дæр рухс уыдзæн. [23]Фæлæ дæ цæст хæрамæй
талынг куы уа, уæд дæ буар иууылдæр та-
лынг уыдзæн. Уæдæ дæ мидæг цы рухс ис,
уый талынг кæд у, уæд ма талынг та цавæр
у, цымæ!
[24]Никæй бон у дыууæ хицауæн кусын — сæ
иуæй йе сæфт уындзæн, иннæйы та уарз-
дзæни, кæнæ сæ иуыл иузæрдион уыдзæн,
иннæйы та ницæмæ дардзæни. Уæ бон нæ
бауыдзæни Хуыцауæн дæр æмæ æхцайæн
дæр лæггад кæнын.
[25]Уымæ гæсгæ уын зæгъын: ма мæт кæнут
нæдæр, цы бахæрат æмæ цы бануазат, уыл,
нæдæр дарæсыл. Ау, цард хойрагæй ахсджи-
агдæр нæу, буар та — дарæсæй? [26]Акæсут-ма
уæларвон мæргътæм: уыдон нæдæр таугæ
кæнынц, нæдæр кæрдгæ, нæдæр хордæтты
хор æфснайынц, æмæ сæ уæ Уæларвон Фыд
хæссы. Сымах уыдонæй бирæ зынаргъдæр
не стут, æви?
[27]Стæй куы мæт кæнат, уæддæр уæ уы-
мæй йæ цардыл бирæ нæ, фæлæ иу сахат
бафтауын дæр кæй бон бауыдзæн? [28]Уæдæ
дарæсыл дæр цы мæт кæнут? Акæсут-ма,
быдираг дидинджытæ куыд рæзынц, уымæ:
нæдæр кусынц, нæдæр æлвисынц, [29]фæлæ
уын зæгъын: суанг Соломон дæр, уый бæрц
кадджын уæвгæйæ, уыдонæй иуы хуызæн
дæр нæ фæлыста йæхи. [30]Абон чи ис, райсом
та пецы кæй баппардзысты, уыцы быдираг
зайæгхалы Хуыцау афтæ кæм фæлынды, уым
сымах æнæ дарæсæй куыд ныууадздзæни,
лæмæгъуырнджытæ! [31]Уæдæ ма мæт кæнут
æмæ ма дзурут: «Цы хæрæм?», «Цы нуазæм?»,
«Нæ уæлæ цы скæнæм?» [32]Æппæт уыдæттыл
муртаттæгтæ тыхсынц; сымахæн та уæ Уæ-
ларвон Фыд зоны, уыдон уæ иууылдæр кæй
хъæуынц, уый. [33]Фыццаджыдæр агурут Ху-
ыцауы Паддзахад æмæ Йæ рæстдзинад, æмæ
уын æппæт уыдæттæ дæр лæвæрд уыдзысты.
[34]Уæдæ ма мæт кæнут сомбоныл, уымæн
æмæ сомбон йæхæдæг тыхсдзæни йæхиуыл.
Алы бонæн дæр йæхи сагъæстæ фаг сты.

**7** Иннæтæн тæрхонгæнæг ма ут, æмæ уын
Хуыцау дæр не стæрхон кæндзæн, [2]уымæн
æмæ, иннæтæн куыд тæрхон кæнат, афтæ
уын Хуыцау уæхицæн дæр стæрхон кæн-
дзæн; уæхæдæг цы барæнæй барат, уыцы
барæнæй сбардзысты сымахæн дæр. [3]Де
’фсымæры цæсты æрдумæ цы кæсыс, дæхи
цæсты къала бæлас куы нæ фиппайыс, уæд?
[4]Куыд хъуамæ зæгъай де ’фсымæрæн: «Æри-
ма, дæ цæстæй дын æрду райсон», кæд дæхи
цæсты къала бæлас ис, уæд? [5]Дыдзæсгом!
Дæхи цæстæй уал къала бæлас сис, стæй
базондзынæ, де ’фсымæры цæстæй æрду
куыд райсын хъæуы, уый дæр.
[6]Уаз цы у, уый куыйтæн ма æппарут æмæ
уæ дзындзытæ хуыты размæ ма калут, науæд
сæ хуытæ сæ къæхты бын ныссæнддзысты,
куыйтæ та уыл сæхи ныццæвдзысты æмæ
уæ аскъуыдтæ кæндзысты.
[7]Курут æмæ уын ратдзысты, агурут æмæ
ссардзыстут, хойут, æмæ уын байгом кæн-
дзысты. [8]Уымæн æмæ, чи куры, уымæн рат-
тынц, чи агуры, уый ссары æмæ, чи хойы,
уымæн дуар байгом вæййы. [9]Уе ’хсæн ахæм
исчи ис, йæ фырт дзы дзул куы кура, уæд
ын дур чи ратта? [10]Кæнæ дзы кæсаг куы
кура, уæд ын калм ратдзæни? [11]Уæдæ сы-
мах фыдзæрдætæ куы стут æмæ уæддæр
уæ зæнæгæн хорзы цæуын куы зонут, уæд
уæ Уæларвон Фыд куыннæ ратдзæни фарн,
чи Дзы куры, уыдонæн! [12]Уæдæ, адæммæ
цæмæдæриддæр æнхъæлмæ кæсут, уый
сын аразут уæхæдæг дæр. Ацы ныхæсты
ис Моисейы Æгъдауы æмæ пехуымпарты
ахуырады мидис.
[13]Бахизут нарæг кулдуарыл, уымæн æмæ
фæтæн кулдуар æмæ сæфты уæрæх фæнда-
гыл бирæ цæуджытæ ис. [14]Уынгæг у, цардмæ
чи кæны, уыцы кулдуар æмæ нарæг у фæн-
даг; чи сæ ссары, уыдон бирæ не сты.
[15]Уæхи хизут, фысдзармы уæм чи æрцæ-
уы, афтæмæй та тугдзых бирæгъ чи у, уы-
цы мæнгпехуымпартæй. [16]Сæ хъуыддæг-
тæй сæ базондзыстут. Сындзы къутæрæй,
мыййаг, сæнæфсир æртонынц кæнæ ичъи-
йæ — легъуи? [17]Уæдæ афтæ: хорз бæласыл
хорз дыргътæ æрзайы, низджын бæласыл
та — æвзæр. [18]Хорз бæлас æвзæр дыргъ нæ
ратдзæн, низджын бæлас та — хорз дыргъ.
[19]Хорз дыргъ цы бæласыл нæ зайы, уый
акалынц æмæ йæ арты баппарынц. [20]Уæ-
дæ уыцы адæмы дæр сæ хъуыддæгтæй
базондзыстут.
[21]Мæнмæ «Хицау! Хицау!» чи дзуры, уы-
донæй алчи Уæларвон Паддзахадмæ нæ

**6:27** Кæнæ: «...йæ асыл иу æлмæрины бæрц бафтауын дæр йæ бон кæмæн суыдзæн»?

бацæудзæни, фæлæ æрмæстдæр, Мæ Уæ-
ларвон Фыды фæндон чи æххæст кæны, уый.
22Бирæтæ Мын уыцы бон дзурдзысты: «Хи-
цау, Хицау, мах Дæ номæй пехуымпари-
уæг нæ кодтам? Дæ номæй дæлимонты нæ
сырдтам? Бирæ диссæгтæ не 'вдыстам Дæ
номæй?» 23Æмæ сын Æз уæд дзуапп рат-
дзынæн: «Æз уæ никуы зыдтон. Ацæут Мæ
цурæй, фыдгæнджытæ!»

24Уæдæ Мæ ацы ныхæстæм чидæриддæр
хъусы æмæ сæ æххæст кæны, уый у, йæ хæ-
дзар дурыл чи самадта, уыцы зондджын
адæймаджы хуызæн. 25Уарын фемæхсти,
дæттæ раивылдысты, дымгæ сыстади, æмæ
ахæцыдысты уыцы хæдзарыл, фæлæ не
'ркалди, уымæн æмæ дурыл æвæрд уыди.
26Мæ ацы ныхæстæм чидæриддæр хъусы
æмæ сæ не 'ххæст кæны, уый та у, йæ хæдзар
змисыл чи самадта, уыцы æнæзонд адæй-
маджы хуызæн. 27Уарын фемæхсти, дæттæ
раивылдысты, дымгæ сыстади æмæ сæхи
уыцы хæдзарыл æмцæф ныккодтой. Хæдзар
ныккалд æмæ дурты кæри фестад.

28Йесо Йæ ныхас куы фæци, уæд адæмы
дисы бафтыдта Йæ ахуырад, 29уымæн æмæ
сын Уый сæ динамонджытау нæ амыдта,
фæлæ кодта барджын ныхас.

**8** Йесо хохæй дæлæмæ куы æрцыд, уæд Йæ
фæдыл ацыди бирæ адæм. 2Иу хъотырджын
Æм æрбацыд, æрзоныг кодта Йæ разы æмæ
Йын загъта: «Хицау, æрмæст Дæ бафæндæд,
æндæр мæ сдзæбæх кæндзынæ». 3Йесо йæм
Йæ къух бадаргъ кодта, бандзæвыд ыл æмæ
загъта: «Фæнды Мæ. Сдзæбæх у». Æмæ уы-
йадыл уый ссыгъдæг ис йæ хъотырæй. 4Йесо
йын загъта: «Хъусыс, ацы хабар макæмæн
радзур, фæлæ ацу, дæхи фенын кæн сау-
джынæн æмæ, Моисей куыд бафæдзæхста,
афтæ æрхæсс нывонд — кæй сдзæбæх дæ,
уымæн æвдисæйнагæн».

5Йесо Капернауммæ куы æрцыди, уæд
Æм сæдæйыхицау бацыди æмæ Йын ба-
лæгъстæ кодта: 6«Хицау, мæ лæггадгæнæг
хæдзары хуыссы: æндзыгниз æй æрцахста,
æмæ тынг удхар кæны». 7Йесо йын загъта:
«Æз бацæудзынæн æмæ йæ сдзæбæх кæн-
дзынæн». 8Сæдæйыхицау Йын афтæ: «Хицау,
æз уый аккаг нæ дæн, æмæ Ды мæ хæдзары
къæсæрæй бахизай. Фæлæ æрмæст Дæ дзы-
хæй ныхас рацæуæд, æмæ мæ лæггадгæнæг
сдзæбæх уыдзæн. 9Уымæн æмæ æз дæр кæй-
дæр дæлбар дæн, æмæ мæ дæлбар дæр ис
æфсæддонтæ. Иуæн дзы фæзæгъын: „Ацу
уырдæм“, æмæ ацæуы; иннæмæн: „Ардæм
рацу“, æмæ æрбацæуы; мæ цагъарæн фæ-
зæгъын: „Уый бакæн“, æмæ йæ бакæны».
10Йесо уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд,
Йæ фæдыл чи цыди, уыдонæн, дисгæнгæйæ,
загъта: «Æцæг цы у, уый уын зæгъын: су-
анг Израилы дæр Æз ахæм уырнындзинад
никæмæ федтон. 11Зæгъын уын: бирæтæ
æрцæудзысты скæсæн æмæ ныгуылæнæй,
æмæ Уæларвон Паддзахады Авраам, Исаак
æмæ Йаковимæ иу фынгыл æрбаддзысты.
12Паддзахад нысангонд кæмæн уыд, уыдон
та æппæрст æрцæудзысты æддæмæ, талынг-
мæ; æмæ уырдыгæй хъуысдзæни сæ кæуын
æмæ сæ дæндæгты хъыс-хъыс».

13Йесо сæдæйыхицауæн загъта: «Ацу, æмæ
дæ уырныдзинадмæ гæсгæ сæххæст уæд
дæ фæндон». Æмæ йæ лæггадгæнæг уыцы
сахат сдзæбæх ис.

14Йесо Петры хæдзармæ куы бацыди, уæд
ын йæ усы мады баййæфта тæвднизæй сæй-
гæйæ. 15Йесо йын бавнæлдта йæ къухмæ,
æмæ сылгоймагæн йæ тæвд æрхауди; сыстад
æмæ Йын лæггад кæнын райдыдта.

16Куы баизæр ис, уæд Æм æрхуыдтой бирæ
хæйрæдджджынты, æмæ Йесо Йæ ныхасæй
фæсырдта æнæзæгъинæгты æмæ æппæт
рынчынты дæр сдзæбæх кодта.

17Афтæмæй хъуамæ сæххæст уыдаид,
пехуымпар Исайа цы загъта, уый: «Уый
нын райста нæ рынтæ æмæ нын ахаста нæ
низтæ».

18Йесо Йæ алыварс бирæ адæм куы федта,
уæд загъта Йæ ахуыргæнинæгтæн, цæмæй
Йемæ ахизой денджызы фаллаг фарсмæ.
19Уæд Æм иу динамонæг бацыд æмæ Йын
загъта: «Ахуыргæнæг, Ды кæдæмфæнды куы
цæуай — æз дæр ацæудзынæн Дæ фæдыл».
20Йесо йын дзуапп радта: «Рувæстæн ис ху-
ыккæмттæ, уæларвон мæргътæн — ахстæттæ.
Адæймаджы Фыртæн та, Йæ сæр кæм æркъул
кæна, уый дæр нæй». 21Йæ ахуыргæнинæг-
тæй Йын æндæр загъта: «Хицау, мæ фыды
баныгæнынмæ уал мæ ауадз». 22Фæлæ йын
Йесо дзуапп радта: «Мæ фæдыл рацу, мæрд-
тæ сæхæдæг ныгæнæнт сæ мæрдты».

23Йесо бæлæгъмæ бахызт, æмæ Йæ аху-
ыргæнинæгтæ дæр бахызтысты Йæ фæдыл.
24Уалынмæ денджыз афтæ тынг сабухта,
æмæ уылæнтæ бæлæгъы сæрты калдысты;
Йесо та фынæй уыди. 25Уæд Æм Йæ ахуыр-
гæнинæгтæ бацыдысты, райхъал Æй кодтой
æмæ Йын загътой: «Хицау, фервæзын нæ кæн,
сæфæм!» 26Йесо сын дзуапп радта: «Афтæ
тæппуд цæмæн стут, лæмæгъуырнджытæ?»
Сыстади, уад æмæ денджызæн бардзырд

радта, ӕмӕ бӕстӕ ныссабыр ис. 27Иуыылдӕр
дисы бафтыдысты, ӕмӕ дзырдтой: «Уый Чи
у, уад ӕмӕ денджыз Кӕй коммӕ кӕсынц?»
28Йесо денджызы иннӕ былмӕ, Гадарӕйы
бӕстӕм, куы бахӕццӕ ис, уӕд зӕппӕдзтӕй
Йӕ размӕ рахызти дыууӕ хӕйрӕджджы-
ны. Уыдон афтӕ знӕт уыдысты, ӕмӕ уыцы
фӕндагыл рацӕуынмӕ йӕ ныфс ничи хаста.
29Хӕйрӕджджынтӕ хъӕр систой: «Цы Дӕ
хъӕуы махӕй, Хуыцауы Фырт? Ды ардӕм
уый тыххӕй ӕрцыдтӕ, цӕмӕй нӕ ӕмгъу-
ыдӕй раздӕр хъизӕмарӕй марай?»
30Дӕрддзӕф ран хызти хуыты стыр дзуг,
31ӕмӕ дӕлимонтӕ лӕгъстӕ кӕнын райдыд-
той: «Кӕд нӕ сургӕ кӕныс, уӕд нӕ уӕртӕ
уыцы хуыты дзугмӕ бауадз». 32Йесо сын
загъта: «Ацӕут». Уыдон адӕмы ныууагътой
ӕмӕ хуыты фӕмидӕг сты. Уӕд дзуг ӕмху-
ызонӕй къардиуы былӕй денджызмӕ йӕхи
фехста ӕмӕ фесӕфти доны. 33Хуыгӕстӕ
удаистӕй азгъордтой, сахармӕ бацыдысты
ӕмӕ алцыдӕр радзырдтой, хӕйрӕджджын-
ты хабар дӕр ракодтой. 34Сахары цӕрджытӕ
иууылдӕр рацыдысты Йесойы размӕ. Куы
Йӕ федтой, уӕд Ӕм ӕрхатыдысты, цӕмӕй
сӕ зӕххӕй ацӕуа.

**9** Уӕд Йесо сбадти бӕлӕгъы, ахызти фал-
лаг фарсмӕ ӕмӕ Йӕ райгуырӕн сахармӕ
ӕрбацыд. 2Хуыссӕныл Ӕм ӕрбахастой ӕн-
дзыгнизӕй хъыгдарды. Йесо сын федта сӕ
уырныдзинад ӕмӕ рынчынӕн загъта: «Ма
тӕрс, Мӕ хъӕбул, хатыр дын сты дӕ тӕриг-
гъӕдтӕ». 3Уӕд динамонджытӕй чидӕртӕ
сӕхинымӕр дзырдтой: «Ай мӕнӕ Хуыцауы
куы фауы!» 4Йесо сын зыдта сӕ хъуыдытӕ
ӕмӕ загъта: «Ахӕм ӕвзӕр хъуыдытӕ уӕм
цӕмӕн сӕвзӕрд? 5Цы ӕнцондӕр у зӕгъын:
„Хатыр дын сты дӕ тӕригъӕдтӕ“ ӕви: „Ра-
бад ӕмӕ райдай цӕуын“? 6Фӕлӕ сымах
хъуамӕ зонат: Адӕймаджы Фыртӕн ахӕм
бар ис, цӕмӕй зӕххыл тӕригъӕдтӕ хатыр
кӕна». Ӕмӕ ӕндзыгнизӕй хъыгдардӕн
загъта: «Рабад, сис дӕ хуыссӕн ӕмӕ ацу
уӕхимӕ». 7Уый рабадт ӕмӕ йӕ хӕдзармӕ
ацыди. 8Адӕм уый куы федтой, уӕд сӕ тас
бацыд ӕмӕ кад кодтой ахӕм хъару адӕмӕн
раттӕг Хуыцауӕн.
9Йесо уырдыгӕй куы фӕцӕйцыд, уӕд хъӕ-
лонисӕн бынаты бадгӕ федта иу лӕджы, йӕ
ном — Матфей, ӕмӕ йын загъта: «Рацу Мӕ
фӕдыл». Уый сыстад ӕмӕ Йӕ фӕдыл ацыди.
10Йесо Матфейы хӕдзары фынджы уӕлхъус
куы бадти, уӕд уырдӕм ӕрбацыди бирӕ
хъӕлонисджытӕ ӕмӕ тӕригъӕдджынтӕ,
ӕмӕ Йесо ӕмӕ Йӕ ахуыргӕнинӕгтимӕ
иу фынгыл ӕрбадтысты. 11Фарисейтӕ уый
куы федтой, уӕд Ын Йӕ ахуыргӕнинӕгтӕн
дзырдтой: «Уӕ Ахуыргӕнӕг хъӕлонисджытӕ
ӕмӕ тӕригъӕдджынтимӕ иу фынгыл цӕ-
мӕн бады?» 12Йесо уый куы фехъуыста, уӕд
сын загъта: «Дохтыр ӕнӕнизты нӕ, фӕлӕ
рынчынты хъӕуы. 13Ацӕут ӕмӕ базонут,
мӕнӕ ацы ныхӕстӕ цы амонынц, уый: „Ны-
вонд Мӕ нӕ хъӕуы, фӕлӕ уарзӕгой зӕрдӕ“.
Ӕз ӕрцыдтӕн рӕстгӕнджытӕм нӕ, фӕлӕ
тӕригъӕдджынтӕм фӕсидынмӕ».
14Уӕд Ӕм бацыдысты Иоанны ахуыр-
гӕнинӕгтӕ ӕмӕ Йын загътой: «Мах ӕмӕ
фарисейтӕ ком арӕх куы дарӕм, уӕд Дӕ
ахуыргӕнинӕгтӕ цӕуылнӕ дарынц ком?»
15Йесо сын загъта: «Цалынмӕ сиахсаг семӕ
уа, уӕдмӕ чындзӕхсӕвы хуынд адӕм, мый-
йаг, ӕнкъард кӕндзысты? Фӕлӕ ралӕудзӕ-
ни ахӕм бон, ӕмӕ сиахсаг се ’хсӕнӕй тыхист
куы ӕрцӕудзӕн, ӕмӕ уӕд дардзысты ком.
16Зӕронд дарӕсыл ног хъуымацӕй ӕмпъу-
зӕн ничи ӕвӕры, уымӕн ӕмӕ йӕ лӕзӕрд
хъуымац нӕ бауромдзӕн, ӕмӕ скъуыд но-
джы фестырдӕр уыдзӕни. 17Ногдыгъд сӕн
дӕр уӕдӕ зӕронд лалымы ничи ныккӕны,
науӕд лалымтӕ дӕр аскъуыйдзысты ӕмӕ
сӕн дӕр акӕлдзӕни. Ногдыгъд сӕн ныккӕ-
нынц ног лалымты, ӕмӕ уӕд сӕ дыууӕ дӕр
ӕнӕхъӕнӕй баззайдзысты».
18Йесо сын уыдӕттӕ куы дзырдта, уӕд
Ӕм ӕрбацыди хицӕуттӕй иу, ӕрзоныг код-
та Йӕ разы ӕмӕ Йын загъта: «Ныртӕккӕ
амарди мӕ чызг, фӕлӕ цом, Дӕ къух ыл
ӕрӕвӕр, ӕмӕ райгас уыдзӕни». 19Йесо
сыстад ӕмӕ Йӕ ахуыргӕнинӕгтимӕ ацы-
ди йӕ фӕдыл.
20Уым уыди, дыууадӕс азы дӕргъы йӕ туг
цӕуынӕй кӕмӕн не ’нцад, иу ахӕм сылгой-
маг. Фӕстӕрдыгӕй Йӕм бацыд ӕмӕ Йын
андзӕвыд Йӕ пӕлӕзы кӕроныл, 21уымӕн
ӕмӕ хинымӕр дзырдта: «Ӕрмӕст Йӕ да-
рӕсыл Ын куы андзӕвон, уӕд дӕр сдзӕбӕх
уыдзынӕн». 22Йесо акасти фӕстӕмӕ, фед-
та йӕ ӕмӕ загъта: «Ма тӕрс, Мӕ чызг, дӕ
уырныдзинад дӕ фервӕзын кодта». Ӕмӕ
сылгоймаг уайсахат сдзӕбӕх ис.
23Йесо уыцы хицауы хӕдзармӕ куы бацыд,
уадындзӕй цӕгъдджыты ӕмӕ тыхст адӕмы
куы федта, 24уӕд загъта: «Ацӕут ардыгӕй;
чызг мард нӕу, фынӕй у». Ӕмӕ Йыл худ-
тысты. 25Адӕмы ӕддӕмӕ куы рарвыстой,
уӕд Йесо бацыди, чызджы къухыл рахӕцыд,
ӕмӕ чызг рабадти. 26Хабар айхъуыст ӕппӕт
уыцы бӕстӕйыл.

27Йесо уырдыгæй куы рараст ис, уæд дыууæ куырмы рацыдысты Йæ фæдыл æмæ хъæр кодтой: «Батæригъæд нын кæн, Давиды Фырт!» 28Хæдзармæ куы бахæццæ ис, уæд Æм уыцы дыууæ куырмы бацыдысты, æмæ сæ Йесо бафарста: «Мæ бон уæ сдзæбæх кæнын кæй у, уый уæ уырны?» Уыдон Ын загътой: «О, Хицау!» 29Уæд сын бавнæлдта сæ цæстытæм æмæ загъта: «Уæдæ уын уæ уырнындзинадмæ гæсгæ рардæуæд». 30Æмæ сæ цæстытæй ракастысты. Йесо сын карзæй бафæдзæхста: «Хъусут, уый тыххæй мачи хъуамæ базона». 31Уыдон та ацыдысты æмæ Йын æппæт уыцы бæстæйыл айхъуысын кодтой Йæ кой.

32Уыдон куы рацæйцыдысты, уæд Йесомæ æрбакодтой къуытты хæйрæджджыны. 33Æмæ Йесо дæлимоны куы фæсырдта, уæд къуытты сдзырдта. Адæм дисы бафтыдысты æмæ дзырдтой: «Ахæм хъуыддаг Израилы никуыма æрцыди». 34Фарисейтæ та дзырдтой: «Уый дæлимонты суры дæлимонты æлдары хъаруйæ».

35Йесо зылди æппæт сахартæ æмæ хъæутыл, адæмæн амыдта синагогæты, хъусын кодта Фарны Уац Уæларвон Паддзахады тыххæй, рынчынтæ æмæ нæфæразгæты иуылдæр дзæбæх кодта. 36Бирæ адæмы куы федта, уæд сын фæтæригъæд кодта, æнæфыййау фыстау фæлмæцыд æмæ æвæгæсæг кæй уыдысты, уый тыххæй. 37Уæд Йæ ахуыргæнинæгтæн загъта: «Кæрдинаг — бирæ, фæлæ кусджытæ нæ фаг кæны. 38Уæдæ курут хуымы Хицауæй, цæмæй Йæ хуыммæ кусджытæ рарвита».

**10** Йесо фæсидти Йæ дыууадæс ахуыргæнинагмæ æмæ сын радта тых, цæмæй сæ бар цæуа æнæзæгъинæгтыл æмæ сæ адæмæй сурой, дзæбæх кæной æппæт рынчынты æмæ нæфæразгæты.

2Мæнæ уыцы дыууадæс апостолы нæмттæ: фыццаг — фæсномыгæй Петр кæй хуыдтой, уыцы Симон, æмæ йе ’фсымæр Андрей, Зеведейы фырт Йаков æмæ йе ’фсымæр Иоанн, 3Филипп æмæ Варфоломей, Фома æмæ хъалонисæг Матфей, Алфейы фырт Йаков æмæ, фæсномыгæй Фаддей кæй хуыдтой, уыцы Леввей, 4Симон Кананит æмæ Иудæ Искариот — Йесойыл фæстæдæр гадзрахатæй чи рацыди, уый.

5Уыцы дыууадæсы Йесо арвыста ахæм фæдзæхстимæ: «Ма бацæут нæдæр муртаттæгтæм, нæдæр искæцы самариаг сахармæ, 6фæлæ ацæут Израилы адæмы дзæгъæл фыстæм. 7Цæут æмæ хъусын кæнут, Уæларвон Паддзахад кæй æрæввахс ис, уыцы уац. 8Дзæбæх кæнут рынчынты, æгас кæнут мæрдты, сыгъдæг кæнут хъотырджынты, сурут дæлимонты. Лæвар райстат — лæвар дæттут. 9Уемæ ма райсут нæдæр сыгъзæрин, нæдæр æвзист, нæдæр æрхуы уæ роны бастæй, 10нæдæр хордзен, нæдæр ивæн дарæс, нæдæр дзабыртæ, нæдæр лæдзæг. Уымæн æмæ кусæг уый аккаг у, цæмæй йын къæбæр бахæрын кæной.

11Цы сахар кæнæ цы хъæумæ бацæуат, уым-иу фысымæн бацагурут хæрзном адæймаджы, æмæ-иу æм суанг уæ рацæуынмæ баззайут. 12Хæдзармæ бацæугæйæ-иу арфæ ракæнут: „Фарн ацы хæдзары!“ 13Æмæ хæдзар уый аккаг куы уа, уæд ыл уæ арфæ æрцæуæдзæни, науæд уæ фарн фæстæмæ раздæхдзæни уæхимæ. 14Исчи уæ куы не суазæг кæна æмæ уын уæ ныхасмæ куы нæ байхъуса, уæд-иу, уыцы хæдзарæй кæнæ уыцы сахарæй рацæугæйæ, ацæгъдут уæ къæхты рыг. 15Æцæг цы у, уый уын зæгъын: Тæрхоны бон Содом æмæ Гоморрæйæн уыцы сахарæй æнцондæр уыдзæн.

16Æз уæ æрвитын, фысты бирæгъты æхсæнмæ куыд æрвитай, уыйау. Уæдæ кæлмытау ут зонддзын æмæ бæлонау ут æнæхин. 17Уæхи хъахъхъæнут адæмæй: уыдон уæ тæрхондæттæм дæтдзысты, сæ синагогæты уæ ехсæй нæмдзысты. 18Мæн тыххæй уæ хицæуттæм æмæ паддзæхтæм кæндзысты, цæмæй Мын уыдон æмæ муртаттæгты раз уат æвдисæнтæ. 19Куы уæ æрцахсой, уæд-иу, куыд кæнæ цы зæгъын хъæуы, ууыл ма тыхсут — цы зæгъын хъæуы, уый уын уайсахат рардæуыдзæн. 20Уымæн æмæ дзургæ сымах нæ кæндзыстут, фæлæ сымах уылты дзурдзæни уæ Фыды Уд.

21Ратдзæн æфсымæр æфсымæры æмæ фыд хъæбулы мæлæтмæ, зæнæг рацæудзæн йæ ныййарджыты ныхмæ æмæ сæ марын кæндзæни. 22Мæ номы тыххæй алкæмæн дæр æнæуынон суыдзыстут, фæлæ, кæронмæ чи бафæраза, уый фервæздзæн. 23Иу сахары уæ куы æфхæрой, уæд-иу лидзут иннæмæ. Æцæг цы у, уый уын зæгъын: Израилы сахартыл зылд нæма фæуыдзыстут, афтæ Адæймаджы Фырт æрцæуыдзæн.

24Ахуыргæнинаг йæ ахуыргæнæгæй уæлдæр нæу, цагъар — йæ хицауæй. 25Ахуыргæнинаг йæ ахуыргæнæджы хуызæн куы

**10:4** Кананит – ацы дзырд æмæ арамейаг «зилот»-æн ис иу нысаниуæг – иудейаг æгъдауыл æнувыд адæймаг.

суа, уæд ын уый æгъгъæд у. Цагъар дæр йæ
хицауы хуызæн куы суа, уæд уымæн дæр
æгъгъæд у. Хæдзары хицауы Веелзевул куы
хоной, уæд ын йæ хæдзаронты ноджы цы-
фыддæртæ не схондзысты, æви?

26Уæдæ ма тæрсут уе ’фхæрджытæй. Уы-
мæн æмæ афтæ бамбæхсæн ницы ис, æмæ
ма раргом уа, ахæм сусæгдзинад нæй, æмæ
ма рахъæр уа. 27Талынджы уын цы дзурын,
уый зæгъут боны рухсмæ, æмæ уын уæ хъусы
сусæгæй цы бадзырдæуа, уый хъусын кæнут
уæлхæдзæрттæй. 28Ма тæрсут, буар чи мары,
фæлæ уд амарын кæй бон нæу, уыдонæй.
Тæрсут, уд дæр æмæ буар дæр зындоны фе-
сафын Кæй бон у, Уымæй. 29Дыууæ сырд-
донцъиуы иу ассарийыл нæ уæй кæнынц,
æви? Фæлæ дзы уæ Фыды æвастæй иу дæр
зæхмæ не ’рхаудзæни. 30Сымахæн та уæ
сæрыхъуынтæ дæр æрдуйы онг нымад сты.
31Уæдæ ма тæрсут: сымах цыфæнды бирæ
сырддонцъиутæй дæр зынаргъдæр стут.

32Мæныл кæй æууæнды, уый адæмæн
æргом чи дзура, уый Æз дæр мæхионыл
банымайдзынæн Мæ Уæларвон Фыды раз.
33Адæмы раз Мыл йæхи чи атигъ кæна, уыыл
та Æз дæр Мæхи атигъ кæндзынæн Мæ Уæ-
ларвон Фыды раз.

34Афтæ æнхъæл ма ут, æмæ Æз зæхмæ
фидыд æрхæссынмæ æрцыдтæн. Æз Мемæ
фидыд нæ, фæлæ цирхъ æрхастон. 35Уы-
мæн æмæ Æз æрцыдтæн, цæмæй „фырты
йæ фыдæй, чызджы йæ мадæй, чындзы йе
’фсинæй фæхицæн кæнон: 36адæймагæн йæ
хæдзаронтæ суыдзысты йе знæгтæ“. 37Йæ
фыды кæнæ йæ мады Мæнæй фылдæр чи
уарзы, уый Мæн аккаг нæу. Йæ фырты кæнæ
йæ чызджы Мæнæй фылдæр чи уарзы, уый
дæр Мæн аккаг нæу. 38Йæ дзуар чи нæ райса
æмæ Мæ фæдыл чи нæ рацæуа, уый Мæн
аккаг нæу. 39Йæ цард чи бахъахъхъæна, уый
йæ фесафдзæни; йæ цард Мæ сæраппонд чи
фесафа, уый та йæ ссардзæни.

40Сымах чи суазæг кæны, уый Мæн суазæг
кæны; Мæн чи суазæг кæны, уый та — Мæ
Рарвитæджы. 41Пехуымпары, пехуымпар
кæй у, уый тыххæй чи суазæг кæна, уымæ
æнхъæлмæ кæсы пехуымпары аккаг хæрзи-
уæг. Рæстгæнæджы, рæстгæнæг кæй у, уый
тыххæй чи суазæг кæна, уымæ дæр æнхъæл-
мæ кæсы рæстгæнæджы аккаг хæрзиуæг.
42Мæ ахуыргæнинаг кæй у, уый тыххæй ацы
кæстæртæй искæцыйæн æрмæст уазал доны
къус чи ратта, уый дæр, æцæг цы у, уый уын
зæгъын, æнæ хæрзиуæгæй нæ баззайдзæни».

**11** Йæ дыууадæс ахуыргæнинагæн уыдæт-
тæ бафæдзæхсыны фæстæ Йесо уырдыгæй
ацыди, цæмæй иннæ сахарты дæр адæмæн
амона æмæ сын Фарны Уац хъусын кæна.

2Иоанн ахæстоны, Чырысти цы хъуыддæг-
тæ аразы, уыдоны кой куы фехъуыста, уæд
Æм йæ ахуыргæнинæгты арвыста бафæр-
сынмæ: 3«Æрцæуинаг Чи у, Уый Ды дæ, æви
æндæрмæ æнхъæлмæ кæсæм?» 4Йесо сын
дзуапп радта: «Цæут æмæ зæгъут Иоаннæн,
цы хъусут æмæ цы уынут, уый: 5куырмытæ
райдыдтой уынын, цæнкуылтæ — цæуын,
хъотырджынтæн сæ низ сæфы, къуырматæ
хъусынц, мæрдтæ æгас кæнынц, мæгуыртæ
хъусынц Фарны Уац. 6Æмæ тæхудиаг у, Мæ-
ныл гуырысхо чи нæ кæны, уый».

7Уыдон куы ацыдысты, уæд Йесо райдыд-
та адæмæн Иоанны тыххæй дзурын: «Цы
уынынмæ цыдыстут æдзæрæг быдырмæ?
Дымгæ кæй æнкъусы, уыцы хъæз? 8Уæддæр
цы уынынмæ цыдыстут? Зынаргъ дарæс
кæуыл ис, ахæм адæймаджы? О, фæлæ зы-
наргъ дарæс чи дары, уыдон паддзæхты
галуанты цæрынц. 9Уæдæ сымах уæддæр
цы уынынмæ цыдыстут? Пехуымпары? О,
зæгъын уын, уый пехуымпарæй уæлдæр
у. 10Иоанн у, афтæ кæй тыххæй фыст ис:
„Мæнæ Æз Мæ фидиуæджы æрвитын Дæ
разæй, æмæ Дын уый æрцæттæ кæндзæни
Дæ развæндаг“. 11Æцæг уын зæгъын: сыл-
гоймагæй чи райгуырд, уыдонæй Аргъауæг
Иоаннæй стырдæр нæ уыди, фæлæ, Уæлар-
вон Паддзахады тæккæ къаддæр чи у, уый
дæр Иоаннæй стырдæр у. 12Аргъауæг Иоанны
заманæй фæстæмæ Уæларвон Паддзахад
райсыныл хъæуы æппæт хъарутæ бахардз
кæнын, æмæ, чи архайы, уыдон æй райсынц.
13Æгъдау æмæ пехуымпартæ се ’ппæт дæр
Уæларвон Паддзахады кой кодтой Иоанны
размæ. 14Æмæ уæ кæд зонын фæнды, уæд
Иоанн, æрцæуинаг чи уыди, уыцы Илийа у.
15Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!

16Фæлæ куыд рахонæн ис ацы фæлтæры?
Уыдон сывæллæтты хуызæн сты, сахары
фæзы чи бады æмæ се ’мбæлттæн афтæ чи
дзуры: 17„Мах уын уадындзæй цагътам, æмæ
сымах нæ кафыдыстут; мах уын хъæрджытæ
кодтам, æмæ сымах нæ дзынæзтат“. 18Æр-
цыдис Иоанн, нæдæр хæргæ кæны, нæдæр
нуазгæ, æмæ дзы уыдон зæгъынц: „Хæй-
рæдджын у“. 19Æрцыдис Адæймаджы Фырт,
хæры æмæ нуазы, æмæ Дзы уыдон зæгъынц:

**11:12** Ацы бынатæн бамбарæн ис афтæ дæр: Аргъауæг Иоанны заманæй фæстæмæ Уæларвон Паддзахады ныхмæ тох кæнынц, æмæ йæм чи лæбуры, уыдон архайынц йæ бацахсыныл.

„Мæнæ гуыбындзæл æмæ расыггæнаг, хъало-
нисджытæ æмæ тæригъæдджынты лымæн“.
Фæлæ Хуыцауы Уæлзонд цы хъуыддæгтæ
аразы, уыдон сты Йæ растгæнæг».
20Уый фæстæ Йесо уайдзæф кæнын рай-
дыдта, фылдæр диссæгтæ кæм равдыста,
фæлæ уæддæр чи не ’рфæсмон кодта, уыцы
сахартæн: 21«Сар дæ сæр, Хоразин! Сар дæ
сæр, Вифсаидæ! Сымах цы диссæгтæ федтат,
уыдон Тир æмæ Сидоны куы равдыстæ-
уыдаид, уæд уымы цæрджытæ, сæ уæлæ
сæхъис скæнгæйæ æмæ сæ сæртыл фæнык
байзæргæйæ, раджы æрфæсмон кодтаик-
кой. 22Уæдæ уын зæгъын: Тæрхоны Бон Тир
æмæ Сидонæн сымахæй æнцондæр уыдзæн.
23Науæд ды, Капернаум, афтæ æнхъæл дæ,
æмæ дæ арвмæ сисдзысты? Нæ, дæлзæхмæ
ныххаудзынæ, уымæн æмæ, ды цы диссæгтæ
федтай, уыдон Содомы куы равдыстæуы-
даид, уæд ма уый абон дæр ма йæ бынаты
лæууид. 24Уæдæ уын зæгъын: Тæрхоны Бон
Содомы зæххæн дæуæй æнцондæр уыдзæни».
25Йесо ма ноджы загъта: «Стауын Дæ, Мæ
Фыд, арв æмæ зæххы Хицау, Ды адæттæ
зондджынтæ æмæ æмбаргæтæй кæй басусæг
кодтай æмæ сæ сабитæн кæй раргом кодтай,
уый тыххæй. 26О Мæ Фыд! Дæу афтæ бафæн-
дыди. 27Мæ Фыдæй Мын лæвæрд у æппæт
дæр, æмæ Фыды йеддæмæ Фырты ничи
зоны, стæй Фыды дæр ничи зоны — зоны
Йæ æрмæстдæр Фырт æмæ, Уый Йæ Фыды
раргом кæнын кæмæн фæнды, уыдон.
28Æрцæут Мæм, йæ уæззау уаргъæй чи
сфæлмæцыд, уыдон, æмæ уын Æз ратдзынæн
æнцой. 29Сæвæрут уæ уæлæ Ме ’фсондз æмæ
сахуыр ут Мæнау фæлмæн æмæ сæрниллæг
уæвын, æмæ уæд удæнцой ссардзыстут. 30Уы-
мæн æмæ æнцон хæссæн у Ме ’фсондз, æмæ
рог у Мæ уаргъ».

**12** Иу сабаты Йесо фæцæйцыди хоры ху-
ымтыл. Йæ ахуыргæнинæгтæ сыстонг сты,
райдыдтой æфсиртæ тонын æмæ хæрын.
2Фарисейтæ уый куы федтой, уæд Йесойæн
загътой: «Кæс-ма, Дæ ахуыргæнинæгтæ,
сабаты цы не ’мбæлы, уый кæнынц». 3Йесо
сын дзуапп радта: «Давид, йæхæдæг дæр
æмæ йе ’мбæлттæ дæр куы сыстонг сты,
уæд цы бакодта, уый тыххæй нæ кастыстут,
æви? 4Бацыди Хуыцауы хæдзармæ æмæ
хордта, йæхицæн дæр æмæ йе ’мбæлттæн
дæр хæрæн кæй нæ уыди, уыцы нывонды
дзултæй — уыдонæй æрмæст сауджынтæн
хæрын æмбæлыд. 5Науæд Моисейы Æгъдауы
нæ кастыстут, алы сабаты дæр сауджынтæ,
Кувæндоны кусгæйæ, сабаты фæтк кæй ха-
лынц, фæлæ сын уый азымыл нымад кæй
нæу? 6Зæгъын уын, ам ис, Кувæндонæй
уæлдæр Чи у, Уый. 7„Нывонд Мæ нæ хъæ-
уы, фæлæ уарзæгой зæрдæ“ — ацы ныхасæн
йæ мидис куы æмбариккат, уæд æназымты
зылынджын нæ кодтаиккат. 8Уымæн æмæ
Адæймаджы Фырт сабатæн йæ Хицау у».
9Йесо уырдыгæй куы рацыд, уæд баздæхти
синагогæмæ. 10Уым уыдис, йæ къух кæмæн
бахуыскъ ис, ахæм адæймаг. Æмæ фарисей-
тæ, цæмæй Йæ истæмæй фæазымджын кæ-
ной, уый тыххæй Йесойы бафарстой: «Сабаты
рынчынты дзæбæх кæнын æмбæлы æви нæ?»
11Уый сын загъта: «Искæмæ уæ иу фыс куы уа
æмæ йын сабаты уæрмы куы ныххауа, уæд
æй уырдыгæй не сласдзæн, æви? 12Адæймаг
та цас зынаргъдæр у фысæй! Уæдæ сабаты
хорздзинад аразын æмбæлы». 13Æмæ уыцы
лæгæн загъта: «Дæ къух-ма Мæм æрбадар».
Уый Йæм йæ къух бадардта, æмæ йын адзæ-
бæх ис, йæ иннæ къухы хуызæн сси.
14Уæд фарисейтæ рацыдысты уырдыгæй
æмæ уынаффæтæ кодтой, Йесойы цы ама-
лæй амарой, уый тыххæй. Фæлæ сын Йесо сæ
фæнд базыдта æмæ Йæхи айста уырдыгæй.
15Йæ фæдыл рацыди бирæ адæм, æмæ
се ’ппæты дæр сдзæбæх кодта, 16фæлæ сын
карзæй фæдзæхста, цæмæй Йæ кой ма кæ-
ной. 17Афтæмæй хъуамæ сæххæст уыдаид,
пехуымпар Исайайы уылты цы загъдæуыди,
уый: 18«Мæнæ Мæ уарзон Лæггадгæнæг —
Кæй сæвзæрстон æмæ Кæуыл аудын, Уый.
Мæ Удæй Йæ схайджын кæндзынæн, æмæ
адæмтæн Мæ раст тæрхон фехъусын кæн-
дзæни. 19Быцæу æмæ хъæр нæ кæндзæн,
Йæ хъæлæс Ын ничи фехъусдзæни уынгты.
20Хъæзы фаст зæнг не ’рбасæтдзæн æмæ аху-
ыссынæввонг цырагъ нæ бамынæг кæндзæн,
цалынмæ раст тæрхонæн уæлахиз æрхæсса,
уæдмæ. 21Æмæ адæмтæ сæ зæрдæ дардзыс-
ты Йæ номыл».
22Уæд Йесомæ æрбакодтой, цæстæй чи
нæ уыдта æмæ æгомыг чи уыд, ахæм хæй-
рæдджыны. Йесо йæ сдзæбæх кодта, æмæ
æгомыг райдыдта дзурын, цæстæй дæр су-
ыдта. 23Адæм иууылдæр дис кодтой æмæ
дзырдтой: «Уый æцæг Давиды байзæддаг
ма уа?» 24Фарисейтæ уый куы фехъуыстой,
уæд загътой: «Уый, бæлвырд, дæлимонты
се ’лдар Веелзевулы хъаруйæ суры». 25Йесо
сын сæ хъуыдытæ зыдта æмæ загъта: «Кæ-
цыфæнды паддзахад дæр куы ныддихтæ
уа æмæ йæ адæм кæрæдзимæ кæрдтæ куы
сисой, уæд федзæрæг уыдзæн; кæцыфæнды

сахар кæнæ хæдзар куы ныддихтæ уа æмæ
йæ цæрджытæ кæрæдзийы ныхмæ куы суой,
уæд уыцы сахар фесæфдзæн, хæдзары дæр
бинонтæн сæ цард фехæлдзæн. 26Уæдæ кæд
сайтан сайтаны суры, уæд йæхæдæг йæхи
ныхмæ тох кæны. Æмæ афтæмæй цасы фаг
суыдзæни йæ паддзахад? 27Кæд Æз дæли-
монты Веелзевулы хъаруйæ сурын, уæд сæ
уæ фæдонтæ та кæй хъаруйæ сурынц? Уæдæ
уын уыдон тæрхонгæнæг уыдзысты. 28Фæлæ
кæд Æз Хуыцауы Уды хъаруйæ сурын дæли-
монты, уæд уый, Хуыцауы Паддзахад уæм
кæй æрхæццæ ис, ууыл дзурæг у. 29Кæй бон
бауыдзæн тыхджыны хæдзармæ бацæуын
æмæ йын йæ фæллæйттæ рахæссын, раздæр
уал ын йæхи куынæ сбæтта, уæд? Æрмæст
ын уæд бантысдзæни хæдзар сафтид кæнын.
30Мемæ чи нæй, уый Мæ ныхмæ у, æмæ
Мемæ чи не ’мбырд кæны, уый сафгæ кæны.
31Уымæ гæсгæ уын зæгъын: цыфæнды тæ-
ригъæд æмæ фауæн ныхас дæр адæймагæн
хатыргонд уыдзысты, фæлæ фауæн ныхас
Сыгъдæг Уды ныхмæ нæ уыдзæни хатыр-
гонд. 32Исчи Адæймаджы Фырты куы рафауа,
уæд ын хатыргонд уыдзæни, фæлæ Сыгъдæг
Уды чи рафауа, уымæн хатыр нæ уыдзæни
нæдæр ацы, нæдæр фидæны дунейы.
33Бæласæн йæхи дæр æмæ йæ дыргъ дæр
кæнæ хорзыл банымайут, кæнæ æвзæрыл,
уымæн æмæ бæлас бæрæг вæййы йæ дыр-
гъæй. 34Калмы цот! Фыдзæрдæ уæвгæйæ, уæ
бон хорзæй исты зæгъын куыд хъуамæ уа?
Уымæн æмæ адæймагæн йæ зæрдæ цæмæй
дзаг у, йе ’взагæй дæр уый рацæуы. 35Хорз
адæймаг йæ хорздзинады къæбицæй хорзæх
рахæссы, фыдзæрдæ адæймаг та фыддзина-
ды къæбицæй рахæссы фыдæх. 36Зæгъын
уын: сæ алы æнæрхъуыды ныхасы тыххæй
дæр адæм Тæрхоны Бон дзуапп ратдзысты.
37Дæ ныхæстæ дæ кæнæ сраст кæндзысты,
кæнæ дын уыдзысты тæрхонгæнæг».
38Уæд динамонджытæ æмæ фарисейтæй
чидæртæ Йесойæн загътой: «Ахуыргæнæг,
исты æвдисæйнаг нын куы фенын кæнис,
уый нæ фæнды». 39Йесо сын дзуапп радта:
«Хуыцауыл йæ зæрдæ чи сивта, уыцы хæлд
фæлтæр æвдисæйнаг домынц, фæлæ Ио-
нæ-пехуымпары диссагæй уæлдай ницы
диссаг фендзысты. 40Уымæн æмæ Ионæ стыр
кæсаджы хуылфы æртæ боны æмæ æртæ
’хсæвы куыд фæци, афтæ Адæймаджы Фырт
дæр æртæ боны æмæ æртæ ’хсæвы уыдзæни
зæххы арфы. 41Ниневиæгтæ Тæрхоны Бон
мæрдтæй растдзысты ацы фæлтæры ныхмæ
æмæ йæ базылын кæндзысты, уымæн æмæ
уыдон сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кодтой
Ионæйы пехуымпар ныхасæй. Ныр та ам ис,
Ионæйæ уæлдæр Чи у, Уый. 42Хуссары ус-пад-
дзах Тæрхоны Бон растдзæн ацы фæлтæры
ныхмæ æмæ йæ базылын кæндзæни, уымæн
æмæ уый зæххы кæронæй æрбацыд Соло-
моны уæлзондмæ байхъусынмæ. Ныр та ам
ис, Соломонæй уæлдæр Чи у, Уый.
43Æнæзæгъинаг адæймагæй куы рацæуы,
уæд æнæдон рæтты æнцой агурæг фæзилы,
фæлæ йæ не ссары. 44Уæд фæзæгъы: „Аз-
дæхон фæстæмæ, цы хæдзарæй рацыдтæн,
уырдæм“. Æмæ куы æрыздæхы, уæд дзы
никæй баййафы, хæрзмарзт æмæ йæ хæр-
зæфснайдæй ссары. 45Уæд ацæуы æмæ йемæ
æркæны æндæр авд æнæзæгъинаджы, йæ-
хицæй фыддæрты, бацæуынц уырдæм æмæ
дзы æрцæрынц. Æмæ уыцы адæймаг бахауы,
раздæр цы уыди, уымæй ноджы фыддæр
уавæры. Ацы фыдзæрдæ фæлтæрæн дæр
сæ хабар раст афтæ уыдзæн».
46Йесо адæмимæ куы дзырдта, уæд Йæ мад
æмæ Йе ’фсымæртæ та лæууыдысты дуармæ,
уыдоны дæр фæндыди Йемæ аныхас кæнын.
47Æмæ Йын чидæр загъта: «Дæ мад æмæ Де
’фсымæртæ æдде лæууынц, Демæ сæ ныхас
кæнын фæнды». 48Йесо йæ бафарста: «Чи у
Мæ мад, æмæ чи сты Ме ’фсымæртæ?» 49Æмæ
къухæй ацамыдта Йæ ахуыргæнинæгтæм:
«Мæнæ сты Мæ мад æмæ Ме ’фсымæртæ.
50Уымæн æмæ, Мæ Уæларвон Фыды фæндон
чи æххæст кæны, уый у Мæнæн Ме ’фсымæр,
Мæ хо æмæ Мæ мад».

**13** Уыцы бон Йесо рацыди хæдзарæй æмæ
денджызы был æрбадти. 2Тынг бирæ адæм
æрбамбырд ис йæ алыварс. Уæд Йесо бæ-
лæгъмæ бахызт æмæ уым æрбадти, адæм
та иууылдæр лæууыдысты былгæрон. 3Æмæ
сын фæсномыгæй бирæ цыдæртæ амыдта,
ахуыр сæ кодта:
«Мæнæ хортауæг хуыммæ рацыди. 4Тау-
гæ-тауын нæмгуытæй иутæ æрхаудысты
фæндаггæрон, æртахтысты мæргътæ æмæ
сæ рауыгътой. 5Сыджыт фаг кæм нæ уыд,
ахæм дурджын ран дæр дзы æрхауди, æмæ
уайтагъд сæвзæрдысты, уымæн æмæ зæххы
арф нæ ацыдысты. 6Фæлæ хур куы æрæндæв-
та, уæд сæ асыгъта, æмæ бахус сты, уымæн
æмæ сын арф уидæгтæ нæ уыди. 7Иу цасдæр
дзы æрхауди сындзыты æхсæн; сындзы-
тæ сырæзтысты æмæ сæ фæбынæй кодтой.
8Иннæтæ та æрхаудысты бæзнаг мæрыл
æмæ радтой тыллæг: иутæ — фондзыссæдз
хатты, иннæтæ — æртиссæдз хатты, аннæтæ

та — дæс æмæ ссæдз хатты фылдæр. 9Хъустæ
кæуыл ис, уый хъусæд!»
10Йесомæ бацыдысты Йæ ахуыргæнинæг-
тæ æмæ Йæ бафарстой: «Æмбисæндтæй сын
цæмæн амоныс?» 11Йесо сын дзуапп радта:
«Уый тыххæй, æмæ сымахæн Уæларвон Пад-
дзахады сусæгдзинæдтæ зонын лæвæрд у,
уыдонæн та нæу лæвæрд. 12Кæмæ ис, уымæн
ноджы фылдæр рардæуыдзæн, æмæ йæм
бирæ уыдзæнис; кæмæ нæй, уымæй та ист
æрцæудзæни, цы йæм ис, уый дæр. 13Æм-
бисæндтæй сын уый тыххæй дзурын, æмæ
уыдон „кæсынц, фæлæ нæ уынынц, хъус-
гæ кæнынц, фæлæ ницы хъусынц æмæ не
'мбарынц“. 14Растдæр сыл æрцыди Исайайы
пехуымпар ныхас: „Хъусæй хъусдзыстут, фæ-
лæ нæ бамбардзыстут, цæстæй кæсдзыстут,
фæлæ нæ фендзыстут. 15Уымæн æмæ ацы
адæмæн сæ зæрдæтæ ныддур сты, хъусæй
зынтæй хъусынц æмæ сæ цæстытæ сæхгæд-
той, цæмæй цæстæй дæр ма феной, хъусæй
дæр ма фехъусой æмæ йæ зæрдæйæ дæр ма
бамбарой, се 'ргом Мæм ма раздахой æмæ
сæ Æз ма сдзæбæх кæнон“.
16Сымахæн та тæхудиаг сты уæ цæстытæ —
уынгæ чи кæны, стæй уæ хъустæ — хъусгæ чи
кæны. 17Æцæг цы у, уый уын зæгъын: бирæ
пехуымпартæ æмæ рæстгæнджыты фæнды-
ди, сымах цы уынут, уыдæттæ фенын, фæлæ
сæ нæ федтой; сымах цы хъусут, уыдæттæ
фехъусын, фæлæ сæ нæ фехъуыстой.
18Уæдæ байхъусут, хортауæджы æмбисонд
цы амоны, уымæ. 19Хуыцауы Паддзахады
тыххæй ныхас чи фехъусы æмæ йæ нæ бам-
бары, уымæ æрцæуы хæйрæг æмæ аскъæфы,
йæ зæрдæйы йын цы байтыдæуыди, уый.
Уыцы адæймаг у, фæндаггæрон чи æрхауди,
уыцы нæмыгау. 20Дурджын ран цы байты-
дæуыд, уый та амоны, ныхас чи фехъусы
æмæ йæ уайтагъд йæ зæрдæмæ, цингæнгæ,
чи айсы, ахæм адæймагмæ. 21Фæлæ æнæ-
уидаг у, æмæ бирæ нæ бафæразы. Тыхст
рæстæг куы ралæууы кæнæ Хуыцауы ны-
хасы тыххæй æфхæрын куы райдайынц,
уæд уайтагъд йæ уырнындзинад фæцуды.
22Сындзыты æхсæн цы нæмыг æрхауди,
уый та у ахæм адæймаг: ныхас фехъусы,
фæлæ йын æй зæххон царды мæт æмæ
мулчы бæллиц сæ быны фæкæнынц, æмæ
ницы дыргъ æрхæссы. 23Бæзнаг мæрыл кæй
байтыдæуыд, уый æнгæс та сты, ныхас чи
фехъусы æмæ йæ бамбары, уыдон; æмæ сæ
иу ратты фондзыссæдз хатты, иннæ — æр-
тиссæдз хатты, аннæ та — дæс æмæ ссæдз
хатты фылдæр пайда».
24Йесо ма сын ракодта æндæр æмбисонд
дæр: «Уæларвон Паддзахад у, йæ хуымы
хорз мыггаг чи байтыдта, уыцы адæймаджы
хуызæн. 25Адæм куы бафынæй сты, уæд йе
знаг æрбацыд, мæнæуы æхсæн байтыдта
мæгъæлда æмæ ацыди. 26Мæнæу куы сзадис
æмæ æфсир куы рафтыдта, уæд мæгъæлда
дæр фæзынди. 27Хуымы хицаумæ бацыдыс-
ты йæ цагъартæ æмæ йын загътой: „Хицау,
дæ хуымы хорз мыггаг куы байтыдтай, уæд
дзы мæгъæлда кæцæй фæзынди?“ 28Сæ хи-
цау сын дзуапп радта: „Уый бакодта знаг“.
Цагъартæ йæ бафарстой: „Фæнды дæ, уæд
мах ацæуæдзыстæм æмæ сæ барувдзыстæм?“
29Фæлæ сын уый загъта: „Нæ хъæуы, мыййаг,
мæгъæлдаимæ мæнæуы æфсиртæ дæр куы
стонат. 30Уадз æмæ хуымгæрдæнтæм иумæ
рæзой. Хорæфснайæн афон æз зæгъдзынæн
хуымгæрдджытæн: раздæр уал мæгъæлдайы
кой бакæнут, бабæттут дзы куыристæ æмæ
сæ басудзут, мæнæу та мын бафснайут мæ
хордоны“».
31Йесо ма сын ракодта æндæр фæсномыг
ныхас дæр: «Уæларвон Паддзахад у, адæймаг
йæ хуымы кæй байтыдта, уыцы хъыцъыйы
нæмыгау. 32Кæд уый æппæт мыггæгтæн сæ
къаддæр у, уæддæр, куы сзайы, уæд цæхæ-
радоны иннæ зайæгойтæй фæбæрзонддæр
вæййы. Ахæм бæлас дзы рауайы, æмæ йæм
уæларвон мæргътæ æртæхынц æмæ йын йæ
къалиутыл ахстæттæ саразынц».
33Йесо ма сын ракодта æндæр фæсномыг
ныхас дæр: «Уæларвон Паддзахад у, сыл-
гоймаг ссады æртæ сасирыл кæй бафтыдта
æмæ хыссæ æгасæй дæр кæмæй сæнхъызт,
уыцы æнхъизæнау».
34Æппæт уыдæттæ Йесо адæмæн амыдта
фæсномыгæй, æнæ фæсномыг ныхæстæй та
сын ницы дзырдта. 35Афтæмæй хъуамæ сæх-
хæст уыдаид, пехуымпары дзыхæй цы загъ-
дæуыди, уый: «Дзурдзынæн æмбисæндтæй,
фехъусын кæндзынæн, дуне сфæлдисынæй
нырмæ сусæг цы уыдис, уый».
36Йесо адæмы ауагъта æмæ хæдзармæ
æрбаздæхти. Уæд Æм бацыдысты Йæ ахуыр-
гæнинæгтæ æмæ Йæм бахатыдысты: «Бам-
барын нын кæн фæсномыг ныхас хæмпæл-
гæрдæджы тыххæй». 37Æмæ сын Йесо дзуапп
радта: «Хорз мыггаг тауæг у Адæймаджы
Фырт. 38Хуым у дуне, хорз мыггаг — Хуыца-
уы Паддзахады хъæбултæ, хæмпæлгæрдæг
та — хæйрæджы байзæддаг. 39Цы знаг æй
байтыдта, уый у хæйрæг, хуымгæрдæнтæ
сты ацы дунейы кæрон, хуымгæрдджытæ
та — зæдтæ. 40Уæдæ, хæмпæлгæрдæг куыд

æрæмбырд кæнынц æмæ йæ арты куыд ба-
судзынц, афтæ уыдзæни, дунейы кæрон
куы æрлæууа, уæд дæр: 41Адæймаджы Фырт
рарвитдзæни Йæ зæдты, æмæ Йын уыдон Йæ
Паддзахадæй, йæхæдæг тæригъæдджын чи
уыди æмæ ма искæй дæр тæригъæды фæнда-
гыл чи ардыдта, уыдоны иууылдæр айсдзыс-
ты 42æмæ сæ судзгæ пецы баппардзысты.
Уырдыгæй хъуысдзæни сæ кæуын æмæ сæ
дæндæгты хъыс-хъыс. 43Уæд рæстгæнджы-
тæ та сæ Фыды Паддзахады сæрттивдзысты
хурау. Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!

44Уæларвон Паддзахад у быдыры ныгæд
хæзнайы хуызæн. Адæймаг æй ссардта, фæс-
тæмæ йæ баныгæдта, йæхæдæг цингæнгæ
ацыди, цыдæриддæр æм уыд, уый ауæй
кодта æмæ уыцы быдыр балхæдта.

45Уæларвон Паддзахад ма у, хорз дзын-
дзытæ чи агуры, уыцы сæудæджеры хуы-
зæн дæр. 46Уый иу зынаргъ дзындздур куы
ссардта, уæд ацыдис, йæ исбон иууылдæр
ауæй кодта æмæ йæ балхæдта.

47Уæларвон Паддзахад ма у, денджызы
кæй баппæрстой æмæ алыхуызон кæсæгтæ
чи æрцахста, ахæм хызы æнгæс дæр. 48Хыз
куы байдзаг ис, уæд æй раластой былмæ,
стæй æрбадтысты æмæ кæсæгтæн сæ дзæ-
бæхтæ чыргъæдты æрæмбырд кодтой, чи
нæ бæззыд, уыдон та акалдтой. 49Раст афтæ
уыдзæн, дунейæн йæ кæрон куы ’рцæуа, уæд
дæр: æрцæудзысты зæдтæ, тæригъæдджын-
ты фæхицæн кæндзысты рæстгæнджытæй
50æмæ сæ пецы баппардзысты. Уырдыгæй
хъуысдзæни сæ кæуын æмæ сæ дæндæгты
хъыс-хъыс».

51Йесо Йæ ахуыргæнинæгты бафарста:
«Æппæт адæттæ бамбæрстат æви нæ?» Уыдон
Ын дзуапп радтой: «О, Бардарæг». 52Йесо та
сын загъта: «Уæдæ Уæларвон Паддзахады
ахуыргæнинаг чидæриддæр сси, уыцы ди-
намонæг у, йæ къæбицæй ног дзаума дæр
æмæ зæронд дзаума дæр чи райсы, ахæм
хæдзары хицауы хуызæн».

53Йесо ацы фæсномыг ныхæстæ дзырд
куы фæци, уæд рацыди уырдыгæй. 54Йæ
райгуырæн сахармæ æрцыд æмæ адæмæн
синагогæйы амыдта. Уыдон дис кодтой æмæ
дзырдтой: «Кæцæй Йæм ис ахæм уæлзонд
æмæ ахæм хъару? 55Хъæддæсныйы фырт нæу,
æви? Йæ мады ном Мариа нæу, мыййаг? Йа-
ков, Йосеф, Симон æмæ Иудæ Йе ’фсымæртæ
не сты? 56Йæ хотæ дæр иууылдæр мæнæ ам
не ’хсæн не сты, æви? Уæд Ын æппæт адæттæ
кæцæй сты?» 57Æмæ Йыл не ’ууæндыдысты.

Йесо сын загъта: «Йæ фыдыбæстæ æмæ
йæхи хæдзары йеддæмæ пехуымпар ал-
кæм дæр кадджын вæййы». 58Æмæ уыцы
ран, уырнындзинад сæм кæй нæ уыд, уымæ
гæсгæ бирæ диссæгтæ нæ равдыста.

**14** Уыцы рæстæг тетрарх Ирод фехъуыста
Йесойы кой, 2æмæ йæ фæсдзæуинтæн загъ-
та: «Уый Аргъауæг Иоанн у. Мæрдтæй райгас
æмæ диссæгтæ дæр уымæн аразы».

3Хабар та афтæ уыдис: Ирод æрцахста
Иоанны йе ’фсымæр Филиппы ус Иродиа-
дæйы тыххæй, рæхыстæй йæ сбаста æмæ йæ
ахæстоны бакодта. 4Уымæн æмæ йын Иоанн
дзырдта: «Нæ дын æмбæлы йемæ цæрын».
5Æмæ кæд Ироды фæндыди Иоанны амарын,
уæддæр тарстис адæмæй, уымæн æмæ йæ
пехуымпарыл нымадтой. 6Фæлæ Иродæн
йæ гуырæнбон куы уыди, уæд Иродиадæйы
чызг кафыди уазджыты раз. Ироды зæрдæ-
мæ йæ кафт афтæ тынг фæцыдис, 7æмæ йын
расомы кодта, цыдæриддæр дзы ракура,
уый йын кæй ратдзæни. 8Чызг, йæ мады
ардыдæй, загъта: «Ардæм мын аргъауæг
Иоанны сæр тæбæгъыл æрбахæсс». 9Паддзах
фенкъард ис, фæлæ, йæ уазджыты раз сомы
кæй ракодта, уымæ гæсгæ бардзырд радта
чызджы курдиат сæххæст кæныны тыххæй.
10Йæ адæмы арвыста Иоаннмæ, цæмæй йын
ахæстоны йæ сæр акъуырой. 11Æмæ йын йæ
сæр тæбæгъыл æрбахастой æмæ йæ чызгмæ
радтой, уый та йæ ахаста йæ мадмæ. 12Ио-
анны ахуыргæнинæгтæ æрбацыдысты, йæ
мард ын рахастой æмæ йæ баныгæдтой, стæй
ацыдысты æмæ хабар радзырдтой Йесойæн.

13Уый фехъусгæйæ, Йесо уырдыгæй бæ-
лæгъы иунæгæй хибар ранмæ йæхи айста.
Адæм уый куы базыдтой, уæд сахартæй Йæ
фæдыл фистæгæй ацыдысты. 14Йесо былмæ
куы рахызти, уæд федта бирæ адæмы æмæ,
фæтæригъæд сын кæнгæйæ, сдзæбæх код-
та сæ рынчынты. 15Куы баизæр ис, уæд Æм
Йæ ахуыргæнинæгтæ бацыдысты æмæ Йын
загътой: «Ам фæсвæд ран у, нодж бана-
фон ис. Ауадз адæмы, уадз æмæ хъæутæм
ацæуой æмæ сæхицæн хæринаг балхæной».
16Фæлæ сын Йесо дзуапп радта: «Цæуын сæ
никуыдæм хъæуы. Сымах сын раттут хæри-
наг». 17Уыдон та Йын загътой: «Ам махмæ
фондз дзулы æмæ дыууæ кæсаджы йеддæмæ
ницы ис». 18Йесо загъта: «Ардæм Мæм сæ
рахæссут». 19Адæмы æрбадын кодта кæр-
дæгыл, райста фондз дзулы æмæ дыууæ

**14:1** Тетрарх Ирод – Ирод Антипæ, уыдис Галилей æмæ Галаады (уыцы заман Галаад Хуынди Перейа) хицау н. д. а. 4-æм азæй н. д. 39 азмæ.

кæсаджы, арвмæ скасти, Хуыцауæн арфæ
ракодта, стæй дзултæ æрсаста æмæ сæ Йæ
ахуыргæнинæгтæм алæвæрдта, уыдон та сæ
байуæрстой адæмыл. [20]Иууылдæр бахордтой
æмæ бафсæстысты. Хæрды уæлдæйттæй
байдзаг ис дыууадæс чыргъæды. [21]Хæргæ
чи кодта, уыцы адæмы нымæц та, сылгой-
мæгтæ æмæ сывæллætты нæ нымайгæйæ,
уыди фондз мины бæрц.
[22]Уый фæстæ Йесо Йæ ахуыргæнинæгты
сбадын кодта бæлæгъы æмæ сæ Йæ разæй
арвыста денджызы иннæ фарсмæ, Вифсаи-
дæмæ. Йæхæдæг уал уым баззади, цалынмæ
адæмы ауадза, уæдмæ. [23]Адæмы куы ауагъ-
та, уæд хохмæ ссыди хибарæй скувынмæ
æмæ, куы баизæр, уæд дæр ма уым уыдис
иунæгæй. [24]Бæлæгъ та уæдмæ тынг адард
ис былгæронæй, æмæ йæ уылæнтæ хостой,
уымæн æмæ цыди дымгæйы ныхмæ. [25]Бо-
ныцъæхты размæ сæм Йесо денджызыл
къахæй æрбацæйцыд. [26]Йæ ахуыргæни-
нæгтæ Йæ денджызыл къахæй цæугæ куы
федтой, уæд фыр тæссæй ныхъхъæр кодтой:
«Уый æндæрг у!» [27]Уæд сæм Йесо сдзырдта:
«Фидар фæлæууут, уый Æз дæн! Ма тæрсут».
[28]Петр Ын загъта: «Хицау, кæд уый Ды дæ,
уæд зæгъ, æмæ Дæм æз доныл къахæй ба-
цæуон». [29]Йесо йын загъта: «Рацу». Петр
рахызти бæлæгъæй æмæ доныл Йесойы
'рдæм фæцæйцыди. [30]Фæлæ дымгæ куыд
тыхджын уыди, уый куы федта, уæд фæ-
тарсти, райдыдта дæлдон кæнын æмæ хъæр
систа: «Хицау, фервæзын мæ кæн!» [31]Йесо
йæм уайтагъд Йæ къух бадардта, схæцыди
йыл æмæ йын загъта: «Лæмæгъуырнæг, цæ-
мæн фæдызæрдыг дæ?» [32]Æмæ бæлæгъмæ
куы бахызтысты, уæд дымгæ дæр банцади.
[33]Бæлæгъы чи уыди, уыдон æрзоныг кодтой
Йесойы раз æмæ Йын загътой: «Ды æцæгдæр
Хуыцауы Фырт дæ».
[34]Бахæццæ сты денджызы иннæ фарсмæ,
Геннисареты цурмæ. [35]Уымы адæм Йесойы
куы базыдтой, уæд фехъусын кодтой сæ
алфамбылайы цæрджытæн дæр. Æрхастой
Йæм сæ рынчынты иууылдæр, [36]æмæ Дзы
куырдтой, цæмæй сæ Йæ дарæсы хаутыл
бандзæвын уæд та бауадза, æмæ-иу Ыл чи-
дæриддæр бандзæвыди, уыдон-иу сдзæбæх
сты.

## 15

Уæд Йерусалимæй Йесомæ æрбацыдыс-
ты фарисейтæ æмæ динамонджытæ æмæ
Йын загътой: [2]«Дæ ахуыргæнинæгтæ цæмæн
халынц фыдæлты æгъдау? Хæрынмæ æрба-
дынц, сæ къухтæ нæ цæхсгæйæ». [3]Йесо сын
дзуапп радта: «Æмæ сымах уæхи æрымысгæ
æгъдæутты тыххæй цæмæн халут Хуыцауы
фæдзæхст? [4]Хуыцау загъта: „Нымай дæ фыд
æмæ дæ мады“, æмæ ноджы: „Йæ фыды кæ-
нæ йæ мады æфхæрæг амæлæд“. [5]Сымах та
дзурут: „Йæ фыд кæнæ йæ мадæн афтæ чи
зæгъа, мæнæй дæм цы хауы, уый мын Хуы-
цауæн нывонд у, зæгъгæ, [6]уыцы адæймаджы
йæ фыд кæнæ йæ мады нымайыны сæр нал
хъæуы“. Афтæмæй Хуыцауы ныхас баивтат
уæхи æгъдауæй. [7]Дыдзæсгæмттæ! Сымах
тыххæй пехуымпар Исайа хорз загъта: [8]„Ацы
адæм Мын кад кæнынц дзыхæй, сæ зæрдæ
та дард у Мæнæй. [9]Дзæгъæлы Мæм кувынц,
уымæн æмæ, цытæ амонынц, уыдон сты
адæймаджы æрымысгæ æгъдæуттæ“». [10]Уый
фæстæ Йесо фæсидти адæммæ æмæ сын
загъта: «Байхъусут æмæ бамбарут! [11]Дзыхмæ
цы цæуы, уый нæ чъизи кæны адæймаджы,
фæлæ, дзыхæй цы рацæуы, уый».
[12]Уæд Æм æрбацыдысты Йæ ахуыргæ-
нинæгтæ æмæ Йын загътой: «Дæ ныхæстæ
фарисейтæн кæй фæхъыг сты, уый зоныс?»
[13]Йесо сын дзуапп радта: «Мæ Уæларвон Фыд
кæй нæ ныссагъта, уыцы зайæгой рæдывд
æрцæудзæнис æд уидæгтæ. [14]Ныууадзут сæ,
уыдон сты куырмыты куырм фæтæгтæ. Æмæ
куырм куырмы куы хона, уæд дыууæйæ дæр
дзыхъхъы ныххаудзысты». [15]Уæд Æм Петр
бахатыди: «Бамбарын нын кæн ацы фæсно-
мыг ныхас». [16]Йесо сын загъта: «Ау, сымах
дæр нырмæ афтæ æнæмбаргæ стут? [17]Нæ йæ
зонут, адæймагæн йæ дзыхмæ цыдæриддæр
бацæуы, уый гуыбынмæ кæй ныфты, стæй та
æддæмæ кæй рацæуы? [18]Фæлæ дзыхæй цы
рацæуы, уый та йæ зæрдæйæ рацæуы, æмæ
уый чъизи кæны адæймаджы. [19]Уымæн æмæ
зæрдæйæ цæуынц фыдвæндтæ — марын,
бинойнагыл сайдæй цæуын, æнæуаг митæ
кæнын, давын, мæнгæвдисæн лæууын, хаху-
ыр. [20]Æппæт адæттæ адæймаджы фæчъизи
кæнынц, æнæхсад къухтæй хæрын та йæ нæ
чъизи кæны».
[21]Йесо араст ис уырдыгæй æмæ æрцыди
Тир æмæ Сидоны зæхмæ. [22]Уым Йæ раз-
мæ рацыди уырдыгон хананаг сылгоймаг
æмæ Йæм хъæр кодта: «Батæригъæд мын
кæн, Бардарæг, Давиды Фырт! Мæ чызг хæй-
рæдджджын сси, æмæ йæ удхарæй марынц».
[23]Фæлæ йæм Йесо иу ныхас дæр не скодта.
Уæд Æм бацыдысты Йæ ахуыргæнинæгтæ
æмæ Йæм æрхатыдысты: «Байхъус æм, æмæ
ацæуа, науæд нæ фæдыл бафтыд æмæ хъæр
кæны». [24]Йесо сын дзуапп радта: «Æз æр-
мæстдæр Израилы адæммæ, сæфт фыстæм,

æрвыст дæн». 25Фæлæ Йæм сылгоймаг ба-
цыди, æрзоныг кодта Йæ разы æмæ Йын
загъта: «Хицау, баххуыс мын кæн». 26Йесо
йын дзуапп радта: «Хорз нæу сывæллæтты
къæбæр райсын æмæ йæ куыйтæн аппарын».
27Сылгоймаг та загъта: «Уый афтæ у, Хицау,
фæлæ куыйтæ дæр фæхæрынц, сæ хицæутты
фынгæй цы муртæ æрхауы, уыдон». 28Уæд ын
Йесо дзуапп радта: «Сылгоймаг, стыр у дæ
уырнындзинад! Сæххæст уæд дæ фæндон».
Æмæ чызг уайтагъд сдзæбæх.
29Йесо араст ис уырдыгæй, æрцыди Га-
лилейы денджызгæронмæ, ссыди хохмæ
æмæ уым æрбадти. 30Уырдæм Æм æрба-
цыди бирæ адæм. Семæ кодтой къуылыхты,
куырмыты, цæнкуылты, æгомыгты æмæ
бирæ æндæр рынчынты; æрæвæрдтой сæ
Йесойы къæхты раз, æмæ сæ Уый сдзæбæх
кодта. 31Адæм æгомыгты дзургæ, цæнкуыл-
ты æнæсахъатæй, къуылыхты цæугæ æмæ
куырмыты сæ цæстæй ракæсгæ куы федтой,
уæд дисы бафтыдысты æмæ кад кодтой Из-
раилы Хуыцауæн.
32Йесо фæсидти Йæ ахуыргæнинæгтæм
æмæ сын загъта: «Тæригъæд кæнын ацы
адæмæн, ныр æртæ боны Мемæ сты æмæ,
цы бахæрой, уый сын нæй. Æххормагæй сæ
ауадзон, уый та Мæ нæ фæнды — фæнда-
гыл бастайдзысты». 33Йæ ахуыргæнинæгтæ
Йын загътой: «Уый бæрц адæм бафсадыны
фаг ам, æдзæрæг ран, дзултæ куыд самал
кæнæм?» 34Йесо сæ бафарста: «Цал дзулы
уæм ис?» Уыдон Ын загътой: «Авд, æмæ ма
ноджы цалдæр гыццыл кæсаджы». 35Уæд Йе-
со адæмы æрбадын кодта зæххыл, 36райста
авд дзулы æмæ кæсæгтæ, Хуыцауæн арфæ
ракодта, æрсаста сæ æмæ сæ Йæ ахуыргæ-
нинæгтæм алæвæрдта, ахуыргæнинæгтæ
та сæ байуæрстой адæмыл. 37Се 'ппæт дæр
бахордтой æмæ бафсæстысты. Хæрды уæл-
дæйттæй байдзаг ис авд чыргъæды. 38Хæр-
гæ чи кодта, уыцы адæм та, сылгоймæгтæ
æмæ сывæллæтты нæ нымайгæйæ, уыдысты
цыппар мины.
39Уæд Йесо ауагъта адæмы, бахызти бæ-
лæгъмæ æмæ ацыди Магдалы зæхмæ.

**16** Йесомæ бацыдысты фарисейтæ æмæ
саддукейтæ æмæ Дзы — Йæ бафæлварыны
тыххæй — домдтой, уæларвæй нын æвди-
сæйнаг равдис, зæгъгæ. 2Йесо сын дзуапп
радта: «Изæрæй сымах фæзæгъут: „Боны-
хъæд хорз уыдзæн — арв сырх у“. 3Райсомæй
та фæзæгъут: „Абон къæвда уыдзæн — арв
сырх-сырхид æмæ хъуынтъыз у“. Арвмæ
кæсгæйæ, боныхъæд иртасын куы зонут,
уæд ацы рæстæджы цаутæ раиртасын уæ бон
нæу? 4Хуыцауыл йæ зæрдæ чи сивта, уыцы
хæлд фæлтæр æвдисæйнаг домы, фæлæ Ио-
нæйы диссагæй уæлдай æндæр æвдисæйнаг
нал фендзæн». Уыйадыл сæ ныууагъта æмæ
ацыди уырдыгæй.
5Йæ ахуыргæнинæгтæ бæлæгъы ахызтыс-
ты денджызы иннæ фарсмæ, æмæ сæ семæ
дзултæ рахæссын ферох ис. 6Йесо сын загъта:
«Хъусут, уæхи хъахъхъæнут фарисейтæ æмæ
саддукейты æнхъизæнæй». 7Æмæ ахуыргæ-
нинæгтæ кæрæдзийæн дзырдтой: «Немæ
дзул кæй нæ райстам, уый тыххæй нын афтæ
зæгъы». 8Йесо бамбæрста, сæ ныхас цæуыл у,
уый æмæ сын загъта: «Лæмæгъуырнджытæ,
дзул уæм кæй нæй, уый кой цæмæн кæнут?
9Ау, ницыма бамбæрстат? Уæ зæрдыл нал
лæууы, фондз мин лæгæн фондз дзулы куыд
сфаг ис, уый, стæй цал чыргъæды байдзаг
кодтат? 10Цыппар мин лæгæн авд дзулы ку-
ыд сфаг ис, уый та? Цал чыргъæды байдзаг
кодтат уæд? 11Ау, Мæ ныхас дзулы тыххæй
кæй нæ уыд, уый куыд не 'мбарут? Уæхи
хъахъхъæнут фарисейтæ æмæ саддукейты
æнхъизæнæй». 12Уæд бамбæрстой: Йесо сын
дзырдта хойраджы æнхъизæнæй нæ, фæлæ
фарисейтæ æмæ саддукейты ахуырадæй
сæхи хъахъхъæныны тыххæй.
13Филиппы бæстæм, Кесаримæ, куы æрцы-
ди Йесо, уæд Йæ ахуыргæнинæгты бафарста:
«Кæуыл нымайынц адæм Мæн, Адæймаджы
Фырты, Чи, дам, дæн?» 14Уыдон Ын загътой:
«Чи зæгъы — Аргъауæг Иоанн у, чи — Илийа,
чи та — Йеремиа кæнæ пехуымпартæй исчи».
15Йесо сæ бафарста: «Сымах та Мæ кæуыл
нымайут?» 16Симон Петр Ын дзуапп радта:
«Ды Чырысти дæ, цардæгас Хуыцауы Фырт».
17Уæд ын Йесо загъта: «Тæхудиаг дæ, Ионæйы
фырт Симон, уымæн æмæ дын уый адæймаг
нæ раргом кодта, фæлæ Мæ Уæларвон Фыд.
18Зæгъын дын: ды дæ Петр, æмæ ацы дурыл
Æз сараздзынæн Мæ аргъуан, æмæ йæ зын-
доны тыхтæ нæ басæтдзысты. 19Æз дæм рат-
дзынæн Уæларвон Паддзахады дæгъæлтæ.
Зæххыл бар цæмæн нæ раттай, уымæн уæ-
лæрвты дæр бар лæвæрд нæ уыдзæн; зæххыл
бар цæмæн раттай, уымæн та уæлæрвты дæр
рардæуыдзæн бар». 20Уæд Йесо бафæдзæхста
Йæ ахуыргæнинæгтæн, цæмæй, Чырысти
кæй у, уый макæмæн дзурой.
21Уæдæй фæстæмæ Йесо Йæ ахуыргæни-
нæгтæн æмбарын кæнын райдыдта: хъуамæ

**16:18** Петр бердзенаг æвзагыл амоны «дур».

ацæуа Йерусалиммæ æмæ уым адæмы
хистæртæ, алчертæ æмæ динамонджыты
къухæй бирæ хъизæмæрттæ бавзара; амар-
дзысты йæ, æмæ æртыккаг бон райгас уы-
дзæни. 22Уæд Æй Петр иуварс акодта æмæ
Йын уайдзæф кæнын райдыдта: «Хуыцау
Дæ бахизæд уымæй, Хицау! Уыцы бæллæх
Дыл ма æрцæуæд!» 23Йесо разылд æмæ Пет-
рæн загъта: «Фесæф Мæ цурæй, сайтан! Ды
Мын цæлхдур дæ, уымæн æмæ дæ хъуыды-
тæ, Хуыцауы фæндон цы у, ууыл нæ, фæлæ
адæймаджы фæндоныл сты».

24Уæд Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн загъ-
та: «Мæ фæдыл цæуын кæй фæнды, уый
йæхи ферох кæнæд, райсæд йæ дзуар æмæ
рацæуæд Мæ фæдыл. 25Уымæн æмæ, йæ
цард бахъахъхъæнын кæй фæнды, уый йæ
фесафдзæн; йæ цард Мæ сæраппонд чи феса-
фа, уый та йæ бахъахъхъæндзæн. 26Адæймаг
дуне æгасæйдæр йæхи куы бакæна, йæ уд та
куы фесафа, уæд ын уый цы пайда у? Кæнæ
йæм, йæ уд цæмæй балхæна, ахæмæй цы
разындзæни? 27Уымæн æмæ Адæймаджы
Фырт æрцæудзæни Йæ Фыды кадимæ, Йæ
зæдтимæ, æмæ алкæмæн дæр йæ хъуыддæг-
тæм гæсгæ ратдзæни. 28Æцæг цы у, уый уын
зæгъын: ам чи лæууы, уыдонæй иуæй-иутæ
сæ удæгасæй фендзысты Адæймаджы Фырты
паддзахы бартимæ æрцæугæ».

**17** Æхсæз боны фæстæ Йесо Йемæ рахуыд-
та Петры, Йаковы æмæ уымæн йе 'фсымæр
Иоанны, скодта сæ бæрзонд хохмæ, æмæ
уым хибарæй уыдысты. 2Сæ разы Йæ хуыз
аивта — Йæ цæсгом сæрттывта хурау, Йæ
дарæс та рухсау урс-урсид фестади. 3Фæзын-
дысты сæм Моисей æмæ Илийа æмæ ныхас
кодтой Йемæ. 4Уæд Петр Йесойæн загъта:
«Хицау, мæнæ нын цы хорз у ам! Кæд Дæ
фæнды, уæд æз ацы ран æртæ халагъуды
скæндзынæн: иу Дæуæн, иу Моисейæн, иу
та Илийайæн». 5Петр йæ ныхас нæма фæци,
афтæ сæ рухскалгæ æврагъ æрæмбæрзта,
æмæ уырдыгæй райхъуысти: «Ай, Кæуыл
аудын, Мæ уыцы уарзон Фырт у. Хъусут Æм».
6Ахуыргæнинæгтæ уый куы фехъуыстой,
уæд фыр тæссæй зæххыл ныддæлгом сты.
7Фæлæ сæм Йесо бацыди, бавнæлдта сæм
æмæ сын загъта: «Сыстут, ма тæрсут». 8Æмæ,
хæрдмæ куы скастысты, уæд дзы Йесойы
йеддæмæ никæйуал федтой.

9Хохæй куы æрцæйцыдысты, уæд сæ Йесо
бафæдзæхста: «Цалынмæ Адæймаджы Фырт
мæрдтæй райгас уа, уæдмæ, цы федтат, уый
макæмæн дзурут».

10Уæд Æй Йæ ахуыргæнинæгтæ бафарс-
той: «Уæдæ динамонджытæ афтæ цæмæн
дзурынц, Чырыстийы размæ, дам, уал Илийа
хъуамæ æрцæуа?» 11Йесо сын дзуапп радта:
«Раст у, Илийа хъуамæ æрцæуа æмæ æппæт
дæр банывыл кæна. 12Фæлæ уын зæгъын:
Илийа ныридæгæн æрцыди, фæлæ йæ нæ
базыдтой æмæ йын, цы сæ бафæндыд, уый
бакодтой. Афтæ уыдон хъизæмæрттæ бав-
зарын кæндзысты Адæймаджы Фыртæн
дæр». 13Уæд ахуыргæнинæгтæ бамбæрстой,
Аргъауæг Иоанны кой сын кæй кæны, уый.

14Адæм кæм æрæмбырд сты, уырдæм куы
æрбацыдысты, уæд Йесомæ бацыди иу лæг,
æрзоныг кодта Йæ разы 15æмæ Йæм бахатыд:
«Хицау, батæригъæд кæн мæ фыртæн. Сур-
тæгæнаг у æмæ тынг удхар кæны; арæх йæхи
куы артмæ æппары, куы донмæ. 16Æз æй
æркодтон Дæ ахуыргæнинæгтæм, фæлæ йæ
сдзæбæх кæнын сæ бон нæ баци». 17Уæд Йесо
загъта: «О æнæуырнæг æмæ хæлд фæлтæр!
Цас ма уыдзынæн уемæ? Цас ма уын быхс-
дзынæн? Ардæм Мæм æй æрбакæнут». 18Йесо
дæлимонæн карзæй загъта, цæмæй лæппуйы
ныууадза, æмæ йæ дæлимон куы суæгъд
кодта, уæд уайтагъд сдзæбæх ис. 19Уæд аху-
ыргæнинæгтæ хибарæй бафарстой Йесойы:
«Махæн æй нæ бон цæуылнæ баци расурын?»
20Йесо сын дзуапп радта: «Уæ уырнындзи-
над лæмæгъ кæй у, уый тыххæй. Æцæг цы у,
уый уын зæгъын: хъыцъыйы нæмыджы йас
уырнындзинад уæм куы уа æмæ мæнæ ацы
хохæн афтæ куы зæгъат: „Ардыгæй уæртæ
уырдæм ацу“, уæд ацæудзæн. Æмæ ахæмæй
ницы уыдзæни, сымахæн цы нæ бантыса.
21[Адоны мыггагæн та æрмæст кувын æмæ
ком дарыны фæрцы ис фæсурæн]».

22Йесо æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæ Галиле-
йы куы æрæмбырд сты, уæд сын Йесо загъ-
та: «Адæймаджы Фырты ратдзысты адæмы
къухтæм, 23амардзысты Йæ, æмæ æртыккаг
бон райгас уыдзæн». Ахуыргæнинæгтæ тынг
æрæнкъард сты.

24Капернаумæ куы æрцыдысты, уæд
Кувæндоны хъалонисджытæ бацыдысты
Петрмæ æмæ йæ бафарстой: «Уæ Ахуыргæ-
нæг нын дыууæ драхмæйы нæ ратдзæн?»
25Уый сын загъта: «Ратдзæн». Æмæ Петр
хæдзармæ куы бахызт, уæд æм Йесо фæраз-
дæр ис æмæ йын дзуры: «Куыд дæм кæсы,
Симон, зæххон паддзæхтæ фиддон кæнæ
хъалон кæмæй исынц? Сæхи адæмæй æви

**17:24** Драхмæ – бердзенаг æвзист æхца (4,3 граммæ хæс-
тæг), дыууæ драхмæйы – Кувæндоны хъалон.

æцæгæлæттæй?» 26 Симон Ын, æцæгæлæттæй,
загъгæ, дзуапп куы радта, уæд ын Йесо загъ-
та: «Уæдæ фырттæ сæрибар сты. 27 Фæлæ ныл
цæмæй сæ зæрдæ ма фæхуда, уый тыххæй
ацу денджызмæ, æнгуыр доны баппар æмæ,
фыццаг цы кæсаг æрцахсай, уый райс. Æмæ
йын йæ дзых куы байгом кæнай, уæд дзы
ссардзынæ статир. Рахæсс æй æмæ сын æй
ратт Мæн тыххæй æмæ дæхи тыххæй дæр».

**18** Уыцы рæстæг ахуыргæнинæгтæ бацы-
дысты Йесомæ æмæ Йæ бафарстой: «Уæ-
ларвон Паддзахады уæлдæр чи у?» 2 Йесо
фæдзырдта сывæллонмæ, æрлæууын æй
кодта сæ разы 3 æмæ загъта: «Æцæг цы у,
уый уын зæгъын, куынæ аиват æмæ сывæл-
лæтты хуызæн куынæ суат, уæд Уæларвон
Паддзахадмæ нæ бацæудзыстут. 4 Йæхи чи
æрныллæг кæна æмæ ацы сабийау чи суа,
уый уæлдæр уыдзæн Уæларвон Паддзахады.
5 Æмæ иу ахæм сывæллоныл Мæн тыххæй
æнувыд чи уа, уый Мæныл у æнувыд.
6 Фæлæ ацы кæстæртæй — Мæныл æу-
уæндджытæй — иуы дæр тæригъæды чи
бафтауа, уымæн фæлтау йæ бæрзæйыл ку-
ыройы фыд куы æрцауындзиккой æмæ йæ
денджызы арфмæ куы ныппариккой, уæд
ын хуыздæр уаид.
7 Сар йæ сæр ацы дунейæн, тæригъæдмæ
мондаггæнæнтæ дзы кæй ис, уый тыххæй.
Уыцы мондаггæнæнтæн æнæ фæзынгæ нæй,
фæлæ сар йæ сæр, кæй аххосæй æрцæуой,
уыцы адæймагæн.
8 Дæ къух кæнæ дæ къах дæ кæд рæдийын
кæны, уæд æй ралыг кæн æмæ йæ аппар: ху-
ыздæр дын у æнæ къух кæнæ æнæ къахæй
мыггагмæйы цардмæ бацæуын, цæйнæ-
фæлтау æд къах, æд къух æнæхуысгæ арты
æппæрст æрцæуай.
9 Дæ цæст дæ рæдийын кæны, зæгъгæ, уæд
æй фелвас æмæ йæ аппар: хуыздæр дын у иу
цæстимæ цардмæ бацæуын, цæйнæфæлтау
дæ дыууæ цæстимæ зындоны арты æппæрст
æрцæуай.
10 Хъусут, ацы кæстæртæй иуыл дæр æнæв-
вæрсон ма ут. Зæгъын уын: уыдонæн сæ зæд-
тæ уæлæрвты æдзух уынынц Мæ Уæларвон
Фыды цæсгом.
11 [Уымæн æмæ Адæймаджы Фырт æрцыди
сæфтыты бацагурынмæ æмæ сæ фервæзын
кæнынмæ.]
12 Куыд уæм кæсы, фондзыссæдз фысы
кæмæ ис, уымæн дзы иу куы фæдзæгъæл
уа, уæд йе нудæс æмæ цыппарыссæдз фысы
хæхты нæ ныууадздзæн æмæ йæ дзæгъæл
фысы агурæг нæ ацæудзæн?
13 Æцæг уын зæгъын, куы йæ ссара, уæд,
чи йын нæ фæдзæгъæл, уыцы нудæс æмæ
цыппарыссæдз фысæй ауыл тынгдæр фæ-
цин кæндзæн.
14 Афтæ уæ Уæларвон Фыды дæр нæ фæнды,
ацы кæстæртæй иу дæр фесæфа, уый.
15 Де 'фсымæр дæ тæригъæды куы бацæуа,
уæд бавдæл æмæ йын хибарæй бауайдзæф
кæн. Æмæ дæм кæд байхъуса, уæд ногæй
ссардтай де 'фсымæры.
16 Куынæ дæм байхъуса, уæд демæ акæн иу
кæнæ дыууæ адæймаджы, уымæн æмæ „алы
хъуыддаг дæр хъуамæ дыууæ кæнæ æртæ
æвдисæны раз æвзæрст цæуа“.
17 Уыдонмæ дæр куынæ байхъуса, уæд
зæгъ аргъуанæн æмæ, кæд аргъуанмæ дæр
нæ байхъуса, уæд æм, муртаттаг æмæ хъа-
лонисæгмæ цы цæстæй кæсыс, уыцы цæс-
тæй кæс.
18 Æцæг цы у, уый уын зæгъын: зæххыл
бар цæмæн нæ раттат, уымæн уæларвы дæр
бар лæвæрд нæ уыдзæн; зæххыл бар цæмæн
раттат, уымæн та уæларвы дæр рардæуы-
дзæн бар.
19 Ноджы ма уын зæгъын: сымахæй дыууæ
адæймаджы зæххыл цавæрфæнды хъуыд-
даджы тыххæй дæр иумæ кувынвæнд куы
скæной, уæд сын, цы курой, уый лæвæрд
уыдзæни Мæ Уæларвон Фыдæй. 20 Уымæн
æмæ, Мæ номыл дыууæ кæнæ æртæ адæй-
маджы кæм æрæмбырд уой, уым Æз дæр
семæ уыдзынæн».
21 Уæд Петр бацыди Йесомæ æмæ Йын
загъта: «Бардарæг, мæ тæригъæды цы æф-
сымæр бацæуа, уымæн цал хатты хъуамæ
ныббарон? Авд хатты онг?»
22 Йесо йын загъта: «Авд хатты онг нæ, фæ-
лæ авд æвдай хатты онг.
23 Уымæн æмæ Уæларвон Паддзахад у, йæ
цагъартæй дзы чи цы дары, уый банымайын
чи сфæнд кодта, уыцы паддзахы хуызæн.
24 Нымайынмæ куы бавнæлдта, уæд æм æр-
бакодтой, дæс мин таланты дзы чи дардта,
уыцы адæймаджы.
25 Цæмæй сæ бафида, уый йæм кæй нæ
уыди, уымæ гæсгæ паддзах бардзырд радта,
цæмæй хæсджынæн йæхи дæр, йæ ус æмæ
йæ сывæллæтты дæр, стæй йæм исбонæй
цыдæриддæр ис, уый иууылдæр ауæй кæной
æмæ йын афтæмæй йæ хæс бафидой.
26 Уæд уыцы цагъар йæ разы йæ зонгу-
ытыл æрхауд æмæ йын дзырдта: „Бабыхс,

**17:27** Статир – 4 драхмæйы.

æмæ дæ цы дарын, уый дын æххæстæй
бафиддзынæн“.
27 Паддзах ын фæтæригъæд кодта æмæ йæ
ауагъта, йæ хæс дæр ын ныббарста.
28 Цагъар та уырдыгæй рацыд æмæ фæн-
дагыл сæмбæлд, фондзыссæдз динары дзы
чи дардта, йæ уыцы æмбалы. Æрцахста йæ,
ныххæцыд ын йæ хурхыл æмæ загъта: „Цы
мæ дарыс, уый мын бафид“.
29 Уæд йе ’мбал йæ разы йæ зонгуытыл
æрхауди æмæ йын ныллæгъстæ кодта: „Бан-
хъæлмæ кæс, æмæ дæ цы дарын, уый дын
ратдзынæн“.
30 Фæлæ уый не сразы ис æмæ йæ бакодта
ахæстоны, цалынмæ йын йæ хæс бафида,
уæдмæ.
31 Уый йе ’мбæлттæн тынг фæхъыг ис. Ба-
цыдысты сæ паддзахмæ æмæ йын хабар
радзырдтой.
32 Уæд æм паддзах фæсидти æмæ йын загъ-
та: „Фыдзæрдæ цагъар! Ды мын балæгъстæ
кодтай, æмæ дын æз дæ хæс æнæхъæнæй
ныббарстон. 33 Уæд дæуæн, æз дын куыд
фæтæригъæд кодтон, афтæ не ’мбæлди де
’мбалæн фæтæригъæд кæнын?“
34 Паддзах тынг смæсты ис æмæ йæ хъи-
зæмарæй марын кодта, цалынмæ йæ хæс
бафида, уæдмæ.
35 Мæ Уæларвон Фыд дæр уын афтæ бакæн-
дзæн, алчидæр уæ йе ’фсымæрæн йæ тæри-
гъæдтæ зæрдиагæй куынæ ныббара, уæд».

**19** Йесо Йæ ныхас куы фæци, уæд рараст
ис Галилейæ æмæ æрцыд Иудейы зæхмæ,
Иорданы фаллаг фарсмæ.
2 Йæ фæдыл рацыди бирæ адæм, æмæ сæ
уым сдзæбæх кодта.
3 Уæд æм фарисейтæ бацыдысты æмæ Йæ
бафæлварыны тыххæй бафарстой: «Цыфæн-
ды азымы тыххæй дæр лæгæн йæ усы ауа-
дзын æмбæлы?» 4 Йесо сын дзуапп радта:
«Ау, Сфæлдисæг тæккæ райдианæй „уыдоны
нæлгоймаг æмæ сылгоймагæй кæй сфæлдыс-
та“, уый тыххæй нæ бакастыстут, æви? 5 Æмæ
Сфæлдисæг загъта: „Уымæ гæсгæ адæймаг
ныууадздзæни йæ фыд æмæ йæ мады, баиу
уыдзæн йæ усимæ, æмæ цæрæнбонты нал
фæхицæн уыдзысты“. 6 Афтæмæй уыдон
дыууæ нал сты, фæлæ сты иу буар. Уæдæ
Хуыцау цы баиу кодта, уый адæймаг ма
фæхицæн кæнæд».
7 Уыдон та Йын загътой: «Уæдæ Моисей
ахæм уынаффæ цæмæн рахаста, „лæгæн йæ
усы ауадзын йæ бон у, æрмæст ын ахицæны
гæххæтт раттæд“, зæгъгæ?»
8 Йесо сын дзуапп радта: «Хивæнд кæй
стут, уый тыххæй уын радта Моисей уæ ус-
тыты уадзыны бар. Фыццаг та афтæ нæ уыди.
9 Фæлæ уын Æз зæгъын: хæтыны азым æм
ма уæд, уымæй дарддæр йæ усы чи ауадза
æмæ æндæр усы чи ракура, уый хæтгæ кæны.
[Йæ лæгæй чи ахицæн, ахæм сылгоймаджы
чи ракура, уый дæр хæтгæ кæны]».
10 Йæ ахуыргæнинæгтæ Йын загътой: «Кæд
йæ усы тыххæй лæгыл ахæм хæс æвæрд ис,
уæд хуыздæр у ус нæ ракурын».
11 Йесо сын загъта: «Алкæй бон нæу афтæ
бакæнын, фæлæ Хуыцауæй лæвæрд кæмæн
уа, уый йæ сæххæст кæндзæн.
12 Уымæн æмæ ис, мады гуыбынæй æрдызт
чи рахаста, ахæмтæ, иннæты та адæм бар-
дызтой. Ноджы ма ис, Уæларвон Паддзахады
сæраппонд ус курыныл йæ къух чи systa,
ахæмтæ дæр. Афтæ бакæнын кæй бон у, уый
йæ сæххæст кæнæд».
13 Уæд Йесомæ æрбакодтой сывæллæтты,
цæмæй сыл Йæ къухтæ æрæвæра æмæ ба-
кува, фæлæ Йæм сæ Йæ ахуыргæнинæгтæ
нæ бауагътой.
14 Йесо сын загъта: «Æрбауадзут Мæм сæ,
ма сæ хъыгдарут, уымæн æмæ Уæларвон
Паддзахад, сывæллæтты хуызæн чи у, уы-
доны у».
15 Йесо сывæллæттыл Йæ къухтæ æрæ-
вæрдта æмæ ацыди уырдыгæй.
16 Йесомæ æрбацыди иу лæппу æмæ Йæ
бафарста: «Ахуыргæнæг, мыггагмæйы цард
райсыны тыххæй хорзæй цы саразон?»
17 Йесо йын дзуапп радта: «Хорз цы у, уы-
мæй Мæ цæмæн фæрсыс? Иунæг Хуыцауы
йеддæмæ хорз ничи у. Фæлæ дæ кæд мыг-
гагмæйы цардмæ бацæуын фæнды, уæд
æххæст кæн фæдзæхстытæ».
18 Уый Йæ бафарста: «Цавæр фæдзæхсты-
тæ?» Йесо йын ранымадта: «„Ма амар“, „Ма
хæт“, „Ма дав“, „Мæнгæвдисæн ма ныллæуу“,
19 „Нымай дæ фыд æмæ дæ мады“ æмæ „Дæ-
хи куыд уарзыс, дæ хионы дæр афтæ уарз“».
20 Уæд Ын лæппу загъта: «Уыдæттæ иууыл-
дæр æххæст кæнын. Ноджыдæр ма мын цы
нæ фаг кæны?»
21 Йесо йын загъта: «Кæд дæ фæнды, æмæ
алцæмæй дæр æххæст уай, уæд ацу, дæ мулк

**18:28** Динар – æвзист æхца Ромы, йæ уæз – 4, 35 г.
**19:17** Фæстæдæры къухфыстыты 16-17 бынæттæ сты афтæ: Йесомæ æрбацыд иу лæппу æмæ Йæ бафарста: «Хорз Ахуыргæнæг, мыггагмæйы цард райсынæн хорзæй цы саразон?» Йесо йын дзуапп радта: «Цæмæн Мæ хоныс хорз? Иунæг Хуыцауы йеддæмæ хорз ничи у. Фæлæ дæ кæд мыггагмæйы цардмæ бацæуын фæнды, уæд фæдзæхстытæ æххæст кæн».

ауæй кæн, де 'хца мæгуыртæн байуар, æмæ
дын уæлæрвты уыдзæни хæзна. Стæй-иу
раздæх æмæ цу Мæ фæдыл».
22Лæппу уый куы фехъуыста, уæд æнкъар-
дæй ацыди, уымæн æмæ йæм бирæ мулк уыд.
23Йесо загъта Йæ ахуыргæнинæгтæн:
«Æцæг цы у, уый уын зæгъын: зын у хъæз-
дыгæн Уæларвон Паддзахадмæ бацæуын.
24Ноджы ма уын зæгъын: хъæздыгæн Ху-
ыцауы Паддзахадмæ бацæуынæй теуайæн
судзины быныл ахизын æнцондæр у».
25Ахуыргæнинæгтæ уый куы фехъуыстой,
уæд сæм тынг диссаг фæкаст, æмæ загътой:
«Уæдæ уæд чи фервæздзæн?»
26Йесо сæм бакаст æмæ загъта: «Адæй-
магæн уый йæ бон нæу, фæлæ Хуыцауæн
æппæт дæр у Йæ бон».
27Уæд Ын Петр загъта: «Мæнæ мах
алцыдæр ныууагътам æмæ рацыдыстæм
Дæ фæдыл. Цы нæм æнхъæлмæ кæсы?»
28Йесо сын дзуапп радта: «Æцæг цы у, уый
уын зæгъын: Адæймаджы Фырт ног дунейы
Йæ кадджын паддзахы бадæны куы æрбада,
уæд сымах дæр, Мæ фæдыл рацæуджытæ,
дыууадæс бадæныл æрбаддзыстут æмæ
Израилы дыууадæс хæдзарвæндагæн тæр-
хон кæндзыстут.
29Æмæ Мæ номы сæраппонд йæ хæдзæрт-
тæ, йе 'фсымæрты, йæ хоты, йæ фыды, йæ
мады, йæ усы, йæ сывæллæтты кæнæ йæ
зæххытæ чи ныууадза, ууыл уыдæттæ
фондзыссæдз ахæмæй бафтдзысты фæс-
тæмæ æмæ схайджын уыдзæн мыггагмæйы
цардæй.
30Фæлæ фыццæгтæй бирæтæ суыдзысты
фæстæгтæ, фæстæгтæй та — фыццæгтæ.

**20** Уымæн æмæ Уæларвон Паддзахад аба-
рæн ис, райсомæй раджы йæ сæндонмæ
зилынæн кусджытæ баххуырсынмæ чи ра-
цыди, уыцы хицауимæ. 2Уый кусджытимæ
бафидыдта бон фæйнæ динарыл, æмæ сæ
арвыста йæ сæндонмæ.
3Æртæ сахатмæ æввахс та сахары фæзмæ
рацыд æмæ дзы кæйдæрты æгуыстæй лæугæ
федта. 4Æмæ уыдонæн дæр загъта: „Ацæут
сымах дæр мæ сæндонмæ, æмæ уын, цы æм-
бæлы, уый бафиддзынæн". Уыдон ацыдысты.
5Уый фæстæ рацыд æмбисбонмæ æввахс,
стæй — фараст сахатыл æмæ та баххуырста
æндæрты.
6Æппынфæстаг рацыд иуæндæс сахат-
мæ æввахс, ноджыдæр та дзы кæйдæрты
баййæфта æмæ сæ бафарста: „Ам æнæхъæн
бон æгуыстæй цы лæуут?"
7Уыдон ын дзуапп радтой: „Ничи нæ бах-
хуырста". Уый сын загъта: „Ацæут сымах
дæр мæ сæндонмæ [æмæ уын цы æмбæлы,
уый райсдзыстут]".
8Куы баизæр ис, уæд сæндоны хицау загъта
йæ фæткдарæн: „Кусджытæм фæдзур æмæ
сын сæ мызд ратт; фæстæдæр чи æрбацыд,
уыдонæн раздæр бафид, раздæр чи æрбацыд,
уыдонæн та — фæстæдæр".
9Иуæндæс сахатмæ æввахс чи æрбацыд,
уыдон райстой фæйнæ динары. 10Раздæр чи
æрбацыд, уыдон æнхъæлдтой, фылдæр райс-
дзысты, зæгъгæ, фæлæ уыдон дæр райстой
фæйнæ динары 11æмæ, сæ мызд куы райстой,
уæд сæндоны хицауыл райдыдтой бустæ кæ-
нын: 12„Фæстæдæр кæй баххуырстай, уыдон
иунæг сахат бакуыстой, фидгæ та сын немæ
æмхуызон бакодтай, афтæмæй мах æнæхъæн
бон æнтæфы фæфыдæбон кодтам".
13Уæд дзы уый иуæн загъта: „Æз, мæ лы-
мæн, дæ хъыджы ницæмæй бацыдтæн. Иу
динарыл нæ баныхас кодтай мемæ? 14Цы
дын æмбæлы, уый айс æмæ ацу. Дæуæн цас
радтон, фæстæдæр æрбацæуæгæн дæр мæ
уый бæрц раттын фæнды. 15Мæн цы у, ууыл
мæ бар нæ цæуы? Æви мын рæдау уæвын дæ
цæст нæ уарзы?"
16Уæдæ фæстæгтæ уыдзысты фыццæгтæ,
фыццæгтæ та — фæстæгтæ. [Уымæн æмæ ху-
ындтытæ бирæ сты, æвзæрстытæ — чысыл]».
17Йерусалиммæ фæндагыл Йесо фæхибар
кодта дыууадæсы æмæ сын загъта: 18«Ныр
мах цæуæм Йерусалиммæ, æмæ уым Адæй-
маджы Фырт лæвæрд æрцæудзæн сауджын-
тæ æмæ динамонджыты къухмæ æмæ Йын
уыдон марыны тæрхон рахæсдзысты. 19Мур-
таттæгты æвджид Æй ныууадздзысты, цæ-
мæй Дзы уыдон хъазинаг скæной, ехсæй Йæ
фæнæмой æмæ Йæ дзуарыл байтындзой,
фæлæ æртыккаг бон райгас уыдзæн».
20Уæд Æм бацыди Зеведейы ус йæ фырт-
тимæ, æрзоныг кодта Йæ разы æмæ Йæм
хатыди цæйдæр тыххæй. 21Йесо йæ бафарс-
та: «Цы дæ хъæуы?» Уый Йын дзуапп радта:
«Бар ратт, цæмæй Дæ Паддзахады мæ ацы
дыууæ лæппуйæ иу сбада Дæ рахизфарс,
иннæ та — Дæ галиуфарс».
22Йесо сын загъта: «Цы курут, уый уæ-
хæдæг дæр не 'мбарут. Æз цы хъизæмæрт-
ты кæхцæй нуаздзынæн, уымæй бануазын
[кæнæ Æз кæй исын, ахæм аргъуыд рай-
сын] суыдзæни уæ бон?» Уыдон Ын дзуапп
радтой: «Суыдзæн». 23Уый сын загъта: «Мæ

**20:3** Сахæттæ амынд сты рагон нымадæй (кæс дзырдуаты).

хъизæмæртты кæхцæй нуаздзыстут [æмæ
уыл саргъуыдæуыдзæн, Æз кæй райсдзынæн,
ахæм аргъуыдæй]. Мæ рахизфарс æмæ Мæ
галиуфарс чи сбаддзæни, уый та Мæнæй
аразгæ нæу, уымæн æмæ уыцы бынæтты,
Мæ Фыд сæ кæмæн æрцæттæ кодта, уыдон
сбаддзысты».
24Иннæ дæс ахуыргæнинаджы уый куы
фехъуыстой, уæд смæсты сты дыууæ æфсы-
мæрмæ. 25Йесо се 'ппæтмæ дæр фæдзырдта
æмæ сын загъта: «Сымах зонут, æлдæрттæ
адæмтыл хицауиуæг кæй кæнынц, æмæ
хицæуттæ адæмтыл барджын кæй сты, уый.
26Сымах æхсæн та афтæ ма уæд: уæлдæр
уæвын уæ кæй фæнды, уый уын уæд лæг-
гадгæнæг; 27уе 'хсæн фыццаг уæвын кæй
фæнды, уый уын уæд цагъар.
28Адæймаджы Фырт дæр уый тыххæй не
'рцыд, æмæ Йын лæггад кæной, фæлæ цæ-
мæй Йæхæдæг балæггад кæна æмæ бирæ-
тæн сæрибар æрхæссыны сæраппонд ратта
Йæ цард».
29Йесо æмæ йæ ахуыргæнинæгтæ Йерихо-
нæй куы рацыдысты, уæд Йæ фæдыл цыди
бирæ адæм. 30Фæндаггæрон бадтысты дыу-
уæ куырмы æмæ, Йесо сæ рæзты æрцæуы,
уый куы фехъуыстой, уæд хъæр систой: «Ба-
тæригъæд нын кæн, Хицау, Давиды Фырт!»
31Адæм сæ басабыр кæнын фæлвæрдтой,
фæлæ уыдон нодджы тынгдæр хъæр код-
той: «Батæригъæд нын кæн, Хицау, Давиды
Фырт!»
32Йесо æрлæууыди, фæдзырдта сæм
æмæ сæ бафарста: «Цы уæ фæнды? Цы уын
саразон?»
33Уыдон Ын загътой: «Хицау, мах фæнды
цæстæй ракæсын».
34Йесо куырмытæн фæтæригъæд кодта
æмæ сын сæ цæстытæм бавнæлдта. Уыдон
уайтагъд ракастысты сæ цæстæй æмæ дыу-
уæйæ дæр Йæ фæдыл ацыдысты.

**21** Йерусалиммæ сæ бирæ нал хъуыди.
Елеоны хохы фахсыл чи ис, уыцы Виффаги-
мæ куы бахæццæ сты, уæд Йесо фæдзырдта
дыууæ ахуыргæнинагмæ 2æмæ сын загъта:
«Ацæут, нæ ныхмæ цы хъæу ис, уырдæм. Уым
уайтагъд ссардзыстут баст хæрæджы йæ
къæлæуимæ. Суадзут сæ æмæ сæ ардæм æр-
бакæнут. 3Исчи уæм исты куы дзура, уæд-иу
дзуапп раттут, уыдон Бардарæджы хъæуынц,
зæгъгæ, æмæ уын сæ уайсахат ратдзысты».
4Ацы хабар æрцыди уымæн, цæмæй сæх-
хæст уа пехуымпары ныхас: 5«Зæгъут Сионы
чызгæн: мæнæ дæм дæ сæрныллæг Паддзах
фæцæуы къæлæуыл, хæрæджы лæппыныл
бадгæйæ».
6Ахуыргæнинæгтæ ацыдысты æмæ ба-
кодтой, Йесо сын куыд бафæдзæхста, афтæ:
7æркодтой хæрæджы æмæ йæ къæлæуы,
сæвæрдтой сыл сæ дарæстæ, æмæ Йесо сæ
уæлæ сбадти.
8Адæмæй бирæтæ фæндагыл байтыдтой
сæ дарæстæ, иннæтæ та бæлæсты къалиутæ
састой æмæ сæ фæндагмæ калдтой.
9Йесойæн Йæ разæй æмæ Йæ фæстæ цы
адæм цыди, уыдон хъæр кодтой: «Осаннæ
Давиды Фыртæн! Арфæгонд уæд Хуыцауы
номæй Æрцæуæг! Осаннæ уæлæрвты!»
10Йесо Йерусалиммæ куы бахæццæ ис,
уæд æгас сахар дæр базмæлыд, иууылдæр
кæрæдзийы фарстой: «Уый чи у?» 11Йæ фæ-
дыл цы адæм цыди, уыдон та дзырдтой: «Уый
пехуымпар Йесо у, галилейаг Назаретæй».
12Йесо Кувæндонмæ бацыд æмæ — уæйгæ-
нæгæй, æлхæнæгæй — се 'ппæты дæр ратард-
та, æхцаивджытæн афæлдæхта сæ фынгтæ,
бæлонуæйгæнджытæн — сæ бандæттæ.
13Æмæ сын загъта: «Фыст у: „Мæ Хæдзар
Мын кувæн хæдзар схондзысты“, сымах та
дзы абырджыты лæгæт саразтат».
14Кувæндоны Йæм куырмытæ æмæ къу-
ылыхтæ бацыдысты, æмæ сæ Уый сдзæбæх
кодта.
15Сауджынтæ æмæ динамонджытæ Йесо-
йы диссæгтæ куы федтой, стæй, сывæллæт-
тæ Кувæндоны «Осаннæ Давиды Фыртæн!»,
зæгъгæ куыд хъæр кæнынц, уый, уæд тынг
смæсты сты, 16æмæ Йын загътой: «Хъусыс,
цытæ дзурынц?» Йесо сын дзуапп радта:
«Хъусын! Ау, ацы ныхæстæ никуы бакас-
тыстут: „Чысыл сабитæ æмæ дзидзидайтæн
сыстауын кодтай Дæхи“?»
17Уыйадыл сæ Йесо ныууагъта, сахарæй
ацыди Вифанимæ æмæ Йе 'хсæв уым арвыста.
18Райсомæй раджы сахармæ куы здæх-
тысты, уæд Йесо сыстонг. 19Фæндаггæрон
федта иу легъуи бæлас æмæ йæм бацыд.
Сыфтæртæ йеддæмæ йыл куы ницы ссард-
та, уæд ын загъта: «Нырæй фæстæмæ дыл
дыргъ мауал æрзайæд». Æмæ легъуи бæлас
уайтагъд бахус ис.
20Ахуыргæнинæгтæ уый куы федтой, уæд
сæм диссаг фæкаст æмæ дзырдтой: «Легъуи
бæлас уайтагъд куыд бахус ис?»
21Йесо сын дзуапп радта: «Æцæг цы у, уый
уын зæгъын: уырнындзинад уæм куы уа
æмæ дызæрдыг куынæ кæнат, уæд, Æз ацы
легъуи бæласæн цы саразтон, канд уый нæ
бауыдзæн уæ бон: суанг мæнæ ацы хохæн

афтæ куы зæгъат, фæхицæн у зæххæй æмæ
денджызы дæхи баппар, зæгъгæ, уæд аф-
тæ уыдзæн. 22Уырныдзинад уæм куы уа,
уæд, уæ куывды цыдæриддæр ракурат, уый
райсдзыстут».
23Йесо Кувæндоны адæмы куы ахуыр код-
та, уæд Æм бацыдысты алчертæ æмæ адæмы
хистæртæ æмæ Йæ бафарстой: «Ды æппæт
уыдæттæ цавæр хъаруйæ кæныс? Ахæм бар
Дын чи радта?»
24Йесо сын загъта: «Æз дæр уæ иу цæмæй-
дæр бафæрсдзынæн, æмæ Мын кæд дзуапп
раттат, уæд уын зæгъдзынæн, цавæр хъару-
йæ сæ кæнын, уый. 25Иоанн цы аргъуыдæй
аргъуыдта, уый йын кæмæй лæвæрд уыд:
уæларвæй æви адæмæй?» Уыдон кæрæдзи-
йæн дзырдтой: «„Уæларвæй“ куы зæгъæм,
уæд нæ Уый бафæрсдзæн: „Уæдæ Иоанныл
цæуылнæ баууæндыдыстут?“ 26„Адæмæй“
куы зæгъæм, уæд та нын адæмæй тæссаг у,
уымæн æмæ се ’ппæт дæр Иоанны пехуым-
парыл нымайынц».
27Æмæ дзуапп радтой Йесойæн: «Нæ йæ
зонæм». Йесо дæр сын загъта: «Уæдæ уын
Æз дæр нæ зæгъдзынæн, цавæр хъаруйæ
сæ кæнын, уый.
28Мæнæ ацы хабар та уæм куыд кæсы? Иу
лæгæн уыди дыууæ фырты. Лæг бацыди сæ
иумæ æмæ йын загъта: „Лæппу, ацу æмæ
абон сæндоны бакус“. 29Уый йын дзуапп
радта: „Нæ мæ фæнды“. Фæлæ фæстæдæр
æрхудти йæхиуыл æмæ ацыди.
30Фыд йæ иннæ фыртмæ дæр ахæм курди-
атимæ бацыд. Уый йын загъта: „Фæцæуын,
ме ’лдар“, фæлæ нæ ацыди.
31Уыцы дыууæйæ йæ фыды фæндон чи
сæххæст кодта?» Уыдон Ын загътой: «Фыц-
цаг». Æмæ сын Йесо афтæ: «Æцæг цы у, уый
уын зæгъын: хъалонисджытæ æмæ хъахбай
сылгоймæгтæ сымахæй раздæр бацæудзыс-
ты Хуыцауы Паддзахадмæ. 32Уымæн æмæ
Иоанн æрцыди, цæмæй уын раст фæндаг
бацамона, æмæ йыл нæ баууæндыдыстут,
хъалонисджытæ æмæ йыл хъахбайтæ та
баууæндыдысты. Сымах уый федтат, фæлæ
уæддæр не ’рфæсмон кодтат æмæ йыл нæ
баууæндыдыстут.
33Байхъуысут æндæр фæсномыг ныхасмæ
дæр. Бирæ зæххытæ кæмæ уыди, иу ахæм
лæг сæндон скодта, йæ алыварс ын æмбонд
сарæзта, сæндуцæн дзы скъахта, мæсыг
дзы самадта, стæй йæ бакодта æххуырст
кусджыты бар æмæ йæхæдæг балцы ацыди.
34Сæнæфсир тоныны афон куы æрхæстæг
ис, уæд йæ цагъарты йæ тыллæг райсынмæ
æххуырст кусджытæм арвыста. 35Уыдон
ын йæ цагъарты æрцахстой æмæ дзы кæй
нæмгæ фæкодтой, кæй дзы маргæ акодтой,
кæй та дзы дуртæй амардтой.
36Арвыста сæм æндæр цагъарты — фыц-
цæгтæй ноджы фылдæр, æмæ та уыдонæн
дæр афтæ бакодтой.
37Æппынфæстаг сæм, уымæй фефсæр-
мы уыдзысты, зæгъгæ, арвыста йæ фырты.
38Фæлæ йын æххуырст кусджытæ йæ фырты
куы ауыдтой, уæд кæрæдзийæн загътой:
„Ай йæ бындар у. Амарæм æй æмæ йын
йæ бынтæ нæхи бакæнæм“. 39Æрцахстой
йæ, сæндоны æдде йæ фæкодтой æмæ йæ
амардтой.
40Ныр сæндоны хицау куы ’рцæуа, уæд цы
бакæндзæни уыцы æххуырст кусджытæн?»
41Йесойæн дзуапп радтой: «Уыцы фыдгæн-
джыты амардзæни фыдмардæй, сæндон та,
афоныл ын йæ сæнæфсир чи дætта, ахæм
кусджыты бар бакæндзæн».
42Йесо сын загъта: «Ау, никуы бакастыстут
Сыгъдæг Фысты: „Аразджытæ цы дурыл нæ
барвæссыдысты, уый сси фисыны сæйраг
дур. Уый Хуыцау сарæзта, æмæ уыцы диссаг
мах нæ цæстæй уынæм“?
43Уымæ гæсгæ уын зæгъын: Хуыцауы Пад-
дзахад сымахæй ист æрцæудзæн æмæ, пайда
чи дæтты, уыцы адæмæн æй рардæуыдзæн.
44Уыцы дурыл чи æрхауа, уый ныппырх
уыдзæн, йæхæдæг кæуыл æрхауа, уый та
ныцъцъист уыдзæн йæ быны».
45Алчертæ æмæ фарисейтæ Йесойы фæс-
номыг ныхæстæ куы фехъуыстой, уæд бам-
бæрстой, уыдоны кой кæй кодта, уый.
46Æрцахсынмæ Йæ хъавыдысты, фæлæ
адæмæй нæ бауæндыдысты, уымæн æмæ
Йæ адæм пехуымпарыл нымадтой.

**22** Йесо сын фæсномыг ныхæстæй дзырдта
дарддæр: 2«Уæларвон Паддзахад абарæн ис,
Йæ фыртæн чындзæхсæв чи скодта, уыцы
паддзахимæ.
3Уый йæ цагъарты хонæг арвыста, фæлæ
хуынд адæмы чындзæхсæвмæ æрбацæуын
нæ бафæндыд. 4Ноджы арвыста æндæр ца-
гъарты æмæ сын бафæдзæхста афтæ зæгъын:
„Мæнæ æз фынгтæ æрæвæрдтон, галтæ æмæ
хæрзхаст фос акусарт кодтон. Алцы дæр
цæттæ у, рацæут чындзæхсæвмæ“.
5Фæлæ йын хуынд адæм йæ ныхæстæ ни-
цæмæ æрдардтой æмæ дзы чи йæ хуыммæ
ацыд, чи та — сæудæджеры куыст кæнынмæ.
6Иннæтæ та йын йæ цагъарты æрцахстой,
тынг сæ фæнадтой æмæ сæ амардтой.

7Паддзах смæсты, йе ’фсад арвыста, уыцы
лæгмарты ныццагъта æмæ сын сæ сахар ба-
сыгъта. 8Уый фæстæ йæ цагъартæн загъта:
„Чындзæхсæвы фынг цæттæ у, фæлæ, кæй
фæхуыдтон, уыдон йæ аккаг нæ разындыс-
ты. 9Уæдæ ацæут фæндæгты тигътæм æмæ
кæйдæриддæр фенат — чындзæхсæвмæ сæ
æрхонут“. 10Цагъартæ ацыдысты фæндæг-
тæм æмæ, кæуылдæриддæр сæмбæлдысты,
уыдоны æрхуыдтой — фыдзæрдæты дæр
æмæ хæларзæрдæ адæмы дæр. Æмæ чын-
дзæхсæвы фынгтæ байдзаг сты адæмæй.
11Паддзах йæ уазджыты фенынмæ куы
бацыд, уæд бафиппайдта, бæрæгбоны дарæс
кæуыл нæ уыди, ахæм адæймаджы 12æмæ
йæ бафарста: „Мæ хæлар, æнæ бæрæгбоны
дарæсæй ардæм куыд æрбацыдтæ?“ Уый
ныхъхъус ис. 13Уæд паддзах йæ фæсдзæуин-
тæн загъта: „Йæ къухтæ æмæ йын йæ къæхтæ
сбæттут æмæ йæ æддæмæ, талынгмæ, ап-
парут. Уырдыгæй хъуысдзæни кæуын æмæ
дæндæгты хъыс-хъыс“. 14Уымæн æмæ хуынд-
тытæ бирæ сты, æвзæрстытæ та — чысыл».
15Уæд фарисейтæ ацыдысты æмæ уынаф-
фæ кодтой, Йесойы исты ныхасæй куыд
æрцахсой, уый фæдыл. 16Уыйадыл Æм сæ
ахуыргæнинæгты барвыстой Иროды фарс-
хæцджытимæ, æмæ Йын уыдон загътой:
«Ахуыргæнæг, мах æй зонæм, Ды раст кæй
дæ æмæ Хуыцауы фæндаг æцæгады фæткыл
кæй амоныс; искæй зæрдæ балхæныныл нæ
архайыс, уымæн æмæ никæй хъулон кæныс.
17Уæдæ нын зæгъ: куыд Дæм кæсы, кесæрæн
хъалон фидын æмбæлы æви нæ?»
18Фæлæ сын Йесо бамбæрста сæ фыдвæнд
æмæ загъта: «Дыдзæсгæмттæ, цы Мæ фæлва-
рут? 19Равдисут-ма Мын, хъалон цы æхцайæ
фидынц, уый». Уыдон Æм æрбахастой динар.
20Уæд сæ Уый бафарста: «Кæй ныв æмæ йыл
кæй ном ис?»
21Уыдон Ын дзуапп радтой: «Кесæры».
Уæд сын Йесо загъта: «Уæдæ кесæры цы у,
уый дæттут кесæрæн, Хуыцауы цы у, уый
та — Хуыцауæн».
22Уый куы фехъуыстой, уæд сæм диссаг
фæкаст, ныууагътой Йæ æмæ ацыдысты.
23Уыцы бон Йесомæ æрбацыдысты садду-
кейтæ, — уыдон дзурынц, мæрдтæ нæ райгас
уыдзысты, зæгъгæ, — æмæ Йæ бафарстой:
24«Ахуыргæнæг, Моисей загъта: „Исчи
æнæзæнæгæй куы амæла, уæд ын йе ’фсы-
мæр хъуамæ йæ идæдзы ракура æмæ дзы йе
’фсымæры номыл цот рауадза“.
25Махмæ уыдис авд æфсымæры. Хистæр
ус æрхаста, æнæзæнæгæй амард æмæ йæ
ус баззади йе ’фсымæрæн. 26Афтæ рауади
сæ хабар дыккаг æмæ æртыккагæн, стæй
иннæтæн дæр, суанг æвдæм æфсымæры онг.
27Се ’ппæты фæстæ сылгоймаг дæр амарди.
28Ныр мæрдтæ куы райгас уой, уæд уыцы
авд æфсымæрæй уый кæцыйы ус уыдзæн?
Се ’ппæты бинойнаг дæр куы уыд».
29Йесо сын дзуапп радта: «Сымах рæдийут,
уымæн æмæ нæдæр Сыгъдæг Фыст, нæдæр
Хуыцауы тых зонут. 30Уымæн æмæ мæрдты
райгасы фæстæ адæм нæдæр ус курдзысты,
нæдæр мой кæндзысты, фæлæ уыдзысты
уæларвон зæдты хуызæн.
31Мæрдты райгасы тыххæй уын Хуыцау
цы загъта, уый нæ бакастыстут, æви:
32„Æз дæн Авраамы Хуыцау, Исаакы Хуы-
цау æмæ Йаковы Хуыцау“? Хуыцау мæрдты
Хуыцау нæу, удæгæсты Хуыцау у».
33Адæм уый куы фехъуыстой, уæд дисы
æфтыдысты Йæ ахуырадыл.
34Йесо Йæ ныхасæй саддукейты кæй ба-
саста, уый фарисейтæ куы фехъуыстой, уæд
иумæ æрæмбырд сты. 35Уыдонæй иу, дина-
монæг, Йесойы фæлваргæйæ, загъта: 36«Аху-
ыргæнæг, Моисейы Æгъдауы сæйрагдæр
фæдзæхст кæцы у?» 37Йесо йын дзуапп радта:
«„Уарз дæ Бардарæг Хуыцауы æппæт зæрдæ-
йæ, æппæт удæй æмæ æппæт зондæй“. 38Уый
у фыццаг æмæ сæйраг фæдзæхст. 39Дыккаг
дæр уый хуызæн у: „Дæхи куыд уарзыс, дæ
хионы дæр афтæ уарз“.
40Моисейы Æгъдау æмæ пехуымпарты
ахуырад сырæзтысты ацы дыууæ фæдзæхс-
ты бындурыл».
41Йесо, Йæ алыварс цы фарисейтæ æрбам-
бырд сты, уыдоны бафарста:
42«Цы хъуыды кæнут Чырыстийы тых-
хæй? Кæй байзæддаг у?» Уыдон Ын загътой:
«Давиды». 43Йесо сын загъта: «Уæдæ Йæ Да-
вид, Сыгъдæг Удæй разæнгардæй, йæхædæг
Бардарæг цæмæн хоны? Афтæ куы дзуры:
44„Дунедарæг загъта мæ Бардарæгæн: сбад
Мæ рахизфарс, æмæ Дын Æз Де знæгты Дæ
къæхты бын æрæвæрдзынæн“? 45Уæдæ Йæ
кæд Давид йæ Бардарæг хоны, уæд Уый йæ
байзæддаг куыд у?»
46Æмæ Йесойæн дзуапп раттын никæй бон
баци. Уæдæй фæстæмæ Йæм бафæрсынмæ
йæ ныфс ничиуал хаста.

## 23 Уæд Йесо адæмæн æмæ Йæ ахуыргæ-
нинæгтæн райдыдта дзурын:
2«Моисейы бадæны æрбадтысты динамон-
джытæ æмæ фарисейтæ. 3Уымæ гæсгæ, цы
уын дзурынц, уый кæнут, фæлæ сын сæ

хъуыддæгтæ ма фæзмут, уымæн æмæ уыдон,
цы фæзæгъынц, уый сæхæдæг нæ кæнынц.
4Уæззау, зынхæссæн уæргътæ бæттынц æмæ
сæ адæмы æккой сæвæрынц, сæхæдæг та
сæм сæ ныхы кæронæй дæр не 'вналынц.
5Сæ алы хъуыддаг дæр адæмы цæстмæ кæ-
нынц. Сæ чырвæзтæ аразынц уæрæхдæр,
сæ дарæсы хаутæ та — даргъдæр; 6уарзынц
минасы фынгтыл кадджындæр æмæ сина-
гогæты раззаг бынæтты бадын; 7уарзынц,
цæмæй сын сахарты фæзты адæм арфæтæ
кæной æмæ сæм дзурой: „Ахуыргæнæг! Аху-
ыргæнæг!“ 8Сымах та ахуыргæнджытæ ма
хонæнт, уымæн æмæ уын иу Ахуыргæнæг
ис — Чырысти, уæхæдæг та уе 'ппæт дæр
æфсымæртæ стут.
9Зæххыл уæ фыд дæр макæй хонут, уымæн
æмæ уын ис иунæг Фыд — уæларвы Чи ис,
Уый. 10Зондамонджытæ дæр уæ ма хонæнт,
уымæн æмæ уын ис иу Зондамонæг — Чы-
рысти. 11Уе 'хсæн уæлдæр чи у, уый уын уæд
лæггадгæнæг. 12Уымæн æмæ, йæхи бæрзонд
чи æвæры, уый æрныллæг уыдзæн. Йæхи чи
ныллæг кæны, уый та сбæрзонд уыдзæн.
13Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фари-
сейтæ, дыдзæсгæмттæ! Адæмæн Уæларвон
Паддзахады дуар æхгæнут; уæхæдæг дæр
æм нæ цæут æмæ йæм бацæуын кæй фæнды,
уыдоны дæр нæ уадзут.
14[Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фари-
сейтæ, дыдзæсгæмттæ! Сымах сафтид кæ-
нут идæдз устыты хæдзæрттæ æмæ адæмы
цæстмæ кувынæй не 'фсæдут. Уый тыххæй
карз æфхæрд баййафдзыстут.]
15Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фа-
рисейтæ, дыдзæсгæмттæ! Сымах æрзилут
денджыз æмæ зæххыл, цæмæй уæ динмæ иу
адæймаджы уæддæр раздахат, æмæ уый уæ
къухы куы бафты, уæд дзы зындоны хъæбул
саразут — уæхицæй дыууæ хатты фыддæр.
16Сар уæ сæр, куырм фæтæгтæ! Сымах дзу-
рут: „Исчи Кувæндонæй куы басомы кæна,
уæд йæ сомыйæ баст нæу, фæлæ, Кувæндо-
ны сыгъзæринæй чи басомы кæна, уый йæ
сомы хъуамæ сæххæст кæна“. 17Æнæзæндтæ
æмæ куырмытæ! Сыгъзæрин ахсджиагдæр у
æви, чи йæ сыгъдæг кæны, уыцы Кувæндон?
18Ноджы фæзæгъут: „Исчи нывондхæссæ-
нæй куы басомы кæна, уæд йæ сомыйæ баст
нæу, фæлæ нывондхæссæныл цы нывонд
ис, уымæй чи басомы кæна, уый йæ сомы
хъуамæ сæххæст кæна“.
19Куырмытæ! Ахсджиагдæр цы у: ны-
вонд æви йæ чи сыгъдæг кæны, уыцы
нывондхæссæн?
20Уæдæ нывондхæссæнæй сомыгæнæг
сомы кæны нывондхæссæнæй дæр æмæ, йæ
уæлæ цы ис, уымæй дæр.
21Кувæндонæй сомыгæнæг сомы кæны
Кувæндонæй дæр æмæ дзы Чи цæры, Уы-
мæй дæр.
22Арвæй сомыгæнæг сомы кæны Хуыцауы
бадæнæй дæр æмæ уыцы бадæны Бадæгæй
дæр.
23Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фари-
сейтæ, дыдзæсгæмттæ! Моисейы Æгъдаумæ
гæсгæ суанг битъына, хъонтхора æмæ зира-
йæ дæсæймаг хай дæттут, йæ ахъаззæгтæ
та — рæстдзинад, хæрзаудæн æмæ уырнын-
дзинад — ницæмæ дарут. Сымахæн адæттæ
кæнын дæр æмбæлд æмæ уын уыдæттæ дæр
рохуаты ныууадзын нæ хъуыд.
24Куырм фæтæгтæ! Сымах къогъойы фæр-
судзгæ кæнут, теуайы та аныхъуырут!
25Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фа-
рисейтæ, дыдзæсгæмттæ! Сымах къус æмæ
тæбæгъ æддæрдыгæй ссыгъдæг кæнут, ми-
дæгæй та йедзаг сты, уæ кæрæф æмæ уе
'нæфсисы руаджы уæ къухы цы бафтыдис,
уымæй.
26Куырм фарисей! Раздæр уал къус æмæ
тæбæгъ мидæгæй ссыгъдæг кæн, æмæ уæд
æддейæ дæр сыгъдæг уыдзысты.
27Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фари-
сейтæ, дыдзæсгæмттæ! Сымах чъырæйцагъд
зæппæдзты хуызæн стут — уыдон æддейæ
рæсугъд зынынц, мидæгæй та йедзаг сты
мæрдты стджытæ æмæ алы чъизитæй. 28Аф-
тæ сымах дæр: уе 'ддаг бакастæй адæммæ
рæстгæнджытæ зынут, мидæгæй та цæст-
мæми æмæ тæригъæдæй йедзаг стут.
29Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фа-
рисейтæ, дыдзæсгæмттæ! Пехуымпартæн
аразут зæппæдзтæ, сфæлындут рæстгæн-
джыты цыртытæ 30æмæ фæзæгъут: „Нæ
фыдæлты заманы куы цардаиккам, уæд
мах пехуымпарты тугныккалды аххосджын
нæ уыдаиккам“. 31Афтæмæй уæхи ныхмæ
æвдисæн лæуут — пехуымпарты чи мардта,
уыдонæн сæ байзæддæгтæ кæй стут. 32Уæдæ
бафтаут уæ фыдæлты азымыл. 33Кæлмытæ
æмæ калмы цот! Тæрхон æмæ зындонæй
куыд фервæзынмæ хъæвут?
34Æрбайхъуысут-ма! Мæнæ уæм Æз æрви-
тын пехуымпарты, куырыхон адæймæг-
ты æмæ динамонджыты, æмæ дзы сымах
иуты амардзыстут æмæ байтындздзыстут,

**23:5** Чырвæзтæ – гыццыл къоппытæ, Моисейы Æгъдауæй ист ныхæстæ æвæрынæн. Кувыны афон сæ иудейæгтæ фæбæттынц сæ тæрныхтæ æмæ сæ къухтыл.

иннæты уæ синагогæты ехсæй нæмдзыстут
æмæ сæ иу сахарæй иннæмæ тæрдзыстут.
35Уымæ гæсгæ, зæххыл цы раст адæмы туг
фæкалди, уый уын иууылдæр фидинаг фæ-
уыдзæн: рæстгæнæг Авелы тугæй, суанг
Кувæндонæй нывондхæссæны æхсæн кæй
амардтат, уыцы Варахийы фырт Захариайы
туджы онг.
36Æцæг цы у, уый уын зæгъын, æппæт
уыцы фыдракæндты тыххæй ацы фæлтæр
баййафдзæн æфхæрд.
37Йерусалим, Йерусалим, пехуымпарты
цæгъдæг æмæ, кæй йæм æрвитынц, уыдо-
ны дуртæй марæг! Цал хатты хъавыдтæн,
маргъ йæ лæппынты йæ базырты бын куыд
бакæны, афтæ дын дæ хъæбулты æрбамбырд
кæнын, фæлæ сымах нæ бафæндыди! 38Ныр
уæ хæдзар æнæхицау æмæ афтидæй зайы.
39Дзурын уын, цалынмæ афтæ зæгъат:
„Арфæгонд уæд Хуыцауы номæй Æрцæуæг!“,
уæдмæ Мæ нал фендзыстут».

**24** Йесо Кувæндонæй куы рацæйцыди, уæд
Æм бацыдысты Йæ ахуыргæнинæгтæ, цæ-
мæй Йын Кувæндоны бæстыхæйттæ фенын
кæной.
2Йесо сын загъта: «Уынут ацы бæстыхæйт-
тæ? Æцæг цы у, уый уын зæгъын: афтæ нып-
пырх уыдзысты, æмæ дзы дур дурыл нал
баззайдзæн».
3Йесомæ Йæ ахуыргæнинæгтæ Елеоны
хохмæ бацыдысты æмæ Йæ хибарæй ба-
фарстой: «Зæгъ-ма нын, кæд уыдзæн, стæй
цæмæй бæрæг уыдзæнис Де ’рцыды афон
æмæ, дунейы кæрон кæй æрхæццæ ис, уый?»
4Йесо сын дзуапп радта: «Уæхи хъахъ-
хъæнут, цæмæй уæ мачи фæсайа. 5Уымæн
æмæ Мæ номæй бирæтæ æрцæудзысты
æмæ дзурдзысты: „Æз Чырысти дæн“, æмæ
бирæты фæсайдзысты. 6Сымах хъусдзыс-
тут æввахс æмæ дард хæстыты кой. Ма
тæрсут — æппæт уыдæттæн æнæ æрцæугæ
нæй, фæлæ уый нырма кæрон нæ уыдзæни.
7Сыстдзысты адæм адæмы ныхмæ æмæ
паддзахад паддзахады ныхмæ, ранæй-
рæтты скæндзæни стонг рæстæг, уыдзæни
зæххæнкъуыстытæ. 8Æппæт уыдæттæ арæг
сылгоймаджы хъизæмæртты райдайæнау
уыдзысты.
9Уæд уæ æгъатырæй æфхæрдзысты, мар-
дзысты уæ, æмæ Мæ номы тыххæй æппæт
адæмтæн суыдзыстут æнæуынон.
10Уæд бирæтæ уырнындзинад ныууадз-
дзысты, кæрæдзиуыл гадзрахатæй цæу-
дзысты æмæ кæрæдзийæн æнæуынон
суындзысты. 11Фæзындзæни бирæ мæнг-
пехуымпартæ æмæ бирæты фæсайдзысты.
12Тæригъæд кæй сарæх уыдзæн, уый ах-
хосæй бирæтæн сæ уарзондзинад бамынæг
уыдзæн. 13Фæлæ, кæронмæ чи бафæраза,
уый фервæздзæн.
14Ацы Фарны Уац фæхæццæ уыдзæн дуне-
йы æппæт кæрæттæм, Уæларвон Паддзахады
тыххæй æппæт адæмтæ дæр фехъусдзысты,
æмæ уæд æрцæудзæни кæрон.
15Уæдæ, пехуымпар Даниил куыд загъта,
афтæ уаз бынаты „æлгъаг зауууат“ куы фе-
нат, — чиныгкæсæг æй бамбарæд, — 16уæд,
Иудейы чи уа, уыдон æвæстиатæй лидзæнт
хæхтæм. 17Уæлхæдзар кæй æрæййафа, уый
уырдыгæй ма æрхизæд йæ хæдзарæй исты
рахæссынмæ. 18Быдыры чи уа, уый дæр ма
раздæхæд йæ дарæс рахæссынмæ.
19Додойаг уыдзысты сывæрджын æмæ
дзидзидарæг сылгоймæгтæ! 20Кувут, цæ-
мæй уæ лидзын зымæгон кæнæ сабатбон ма
бахъæуа. 21Уымæн æмæ уæд æрцæудзысты,
Хуыцау дуне куы сфæлдыста, уæдæй ныр-
мæ чи нæма æрцыд æмæ нал æрцæудзæнис,
ахæм стыр бæллæхтæ. 22Æмæ уыцы бонтæ
куы нæ фæкъаддæр уыдаиккой, уæд иу
адæймаг дæр нæ фервæзтаид. Фæлæ æв-
зæрстыты сæраппонд Хуыцау уыцы бонтæ
фæкъаддæр кæндзæн.
23Уæд уын исчи афтæ куы зæгъа: „Мæнæ
ам ис Чырысти“ кæнæ: „Уæртæ уым ис“, — ма
уæ бауырнæд.
24Уымæн æмæ фæзындзысты мæнгчы-
рыститæ æмæ мæнгпехуымпартæ, равдис-
дзысты стыр æвдисæйнæгтæ æмæ диссæгтæ,
цæмæй, гæнæн æмæ амалæй, æвзæрстыты
дæр асайой. 25Æз уæ уыдæтты тыххæй уæ
рагацау фæдзæхсын.
26Уæдæ уын исчи афтæ куы зæгъа: „Чы-
рысти æдзæрæг быдыры ис“, — ма-иу ацæут,
кæнæ: „Мæнæ рæбинаг уаты ис“, — ма-иу уæ
бауырнæд. 27Уымæн æмæ, арвæрттывд скæ-
сæнæй суанг ныгуылæнмæ куыд фæзыны,
афтæ уыдзæн Адæймаджы Фырты æрцыд
дæр. 28Холы кæм уа, уым æрæмбырд уы-
дзысты хæдмæлхор мæргътæ дæр.
29Уыцы бæллæхты хæдуæлвæд хур бата-
лынг уыдзæни, мæй нал ратдзæн йæ рухс,
стъалытæ æрхаудзысты арвæй, æмæ уæ-
ларвон тыхтæ нынкъуысдзысты.
30Уæд арвыл фæзындзæн Адæймаджы
Фырты æвдисæйнаг. Зæххон адæмтæ иу-
уылдæр ныккæудзысты æмæ „Адæймаджы
Фырты фендзысты стыр хъомыс æмæ кади-
мæ æврæгътыл æрцæйцæугæ“.

31Сыкъауадындз хъæрæй ныууасдзæн,
æмæ Адæймаджы Фырт рарвитдзæн Йæ
зæдты, æмæ Йын Йе 'взæрстыты алы рæттæй
æрæмбырд кæндзысты — арвы иу кæронæй
иннæ кæронмæ.
32Райсут цæвиттонæн легъуи бæлас: йæ
къалиутæ куы ракъуыбар вæййынц æмæ
сыфтæр куы рафтауы, уæд фæзонут, сæрд-
мæ бирæ кæй нал ис. 33Уæдæ сымах дæр
æппæт уыдæттæ куы фенат, уæд-иу зонут:
афон æрæввахс, ныридæгæн Уый къæсæ-
рыл лæууы.
34Æцæг цы у, уый уын зæгъын: ацы фæл-
тæр нæма аивгъуыйдзæн, афтæмæй æппæт
уыдæттæ æрцæуудзысты. 35Арв æмæ зæхх
нал уыдзысты, Мæ ныхæстæ та мыггагмæ
дæр уыдзысты сæ тыхы.
36Уыцы бон æмæ сахат ничи зоны: нæдæр
уæларвон зæдтæ, нæдæр Фырт — æрмæст æй
Фыд зоны. 37Фæлæ Нойы заман куыд уыдис,
афтæ уыдзæн, Адæймаджы Фырт куы 'рцæуа,
уæд дæр. 38Доныхъаймæты размæ, суанг ца-
лынмæ Ной наумæ нæ бахызти, уæдмæ адæм
хордтой æмæ нуæзтой, устытæ хастой æмæ
моймæ цыдысты. 39Уыдон æнхъæл дæр нæ
уыдысты, афтæмæй доныхъаймæт æрцыд
æмæ се 'ппæты дæр фесæфта. Адæймаджы
Фырты æрцыд дæр афтæ уыдзæн.
40Уæд, дыууæйæ быдыры куы уой — сæ
иу ист æрцæудзæн, иннæ та баззайдзæн.
41Дыууæ сылгоймаджы æрмгуыройыл сдзыс-
ты хор — сæ иу ист æрцæудзæн, иннæ та
баззайдзæн.
42Уæдæ къæрцхъус ут, уымæн æмæ уæ Хи-
цау кæд æрцæудзæн, уый нæ зонут.
43Сымах зонут: хæдзары хицау, хуыснæг
æм кæцы сахат æрбацæудзæн, уый куы зо-
нид, уæд фынæй дæр нæ бакæнид æмæ йæ
къуымтæ фæкъахын дæр нæ бауадзид.
44Уæдæ сымах дæр цæттæ ут, уымæн
æмæ, æнхъæл кæд нæ уат, уæд æрцæудзæ-
нис Адæймаджы Фырт.
45Чи у уыцы иузæрдион æмæ зондджын
цагъар, йæ хицау йæ хæдзаронты кæй бар
бакæндзæн æмæ сын афоныл хæринаг дæт-
тыны хæс кæуыл сæвæрдзæн? 46Тæхудиаг
уыдзæн уыцы цагъар, йæ хицау, æрбаздæх-
гæйæ, уыцы куыст æххæстгæнгæйæ кæй
æрæййафа. 47Æцæг цы у, уый уын зæгъын:
йе 'ппæт исбон дæр бакæндзæни йæ бар.
48Фæлæ уыцы цагъар фыдзæрдæ куы уа
æмæ хинымæр афтæ куы зæгъа, мæ хицау
нырма рæхджы не 'рцæудзæни, зæгъгæ,
49æмæ уыйадыл йе 'мбæлтты нæмын, ра-
сыггæнджытимæ цæл кæнын æмæ нуазын
куы райдайа, 50уæд уыцы цагъарæн йæ хицау,
цы бон æм не 'нхъæлмæ кæса, уыцы бон æмæ,
æнхъæл кæд нæ уа, уыцы сахат фæзындзæ-
нис, 51æгъатырæй йæ бафхæрдзæн æмæ йын
дыдзæсгæмтты хал ахæрын кæндзæн. Се
'хсæнæй ма йæ кæуын æмæ йæ дæндæгты
хъыс-хъыс хъуысдзæни.

**25** Уæд Уæларвон Паддзахад уыдзæни,
сиахсаджы размæ цырæгътимæ чи рацыди,
уыцы дæс чызджы хуызæн. 2Уыдонæй фондз
зондджынтæ уыдысты, фондз та — æнæ-
зæндтæ. 3Æнæзонд чызджытæ сæ цырæгътæ
рахастой, фæлæ семæ сой нæ райстой. 4Зонд-
джынтæ та сæ цырæгътимæ сойы дурынтæ
дæр рахастой.
5Сиахсаг афæстиат ис, æмæ чызджыты
хуыссæг æрцахста, се 'ппæт дæр бафынæй
сты. 6Æмбисæхсæв райхъуысти хъæр: „Си-
ахсаг æрбацæуы, йæ размæ рацæут!“
7Чызджытæ иууылдæр фестадысты æмæ
сæ цырæгътæ æрцæттæ кодтой.
8Æнæзонд чызджытæ зондджынтæм ба-
дзырдтой: „Авæрут-ма нын уæ сойæ, науæд
нæ цырæгътæ фæхуыссынц“. 9Зондджынтæ
сын дзуапп радтой: „Цæмæй нæ дыууæтæ
дæр сойхъуагæй ма баззайæм, уый тыххæй
фæлтау уæйгæнджытæм ауайут æмæ балхæ-
нут уæхицæн“. 10Фæлæ куыддæр æлхæнын-
мæ ацыдысты, афтæ сиахсаг æрбахæццæ ис,
æмæ цæттæ цы чызджытæ уыдысты, уыдон
йемæ бацыдысты чындзæхсæвмæ, æмæ дуар
æхгæд æрцыди. 11Уæдмæ иннæ чызджытæ
дæр æрбаздæхтысты æмæ хъæр кæнын рай-
дыдтой: „Хицау, Хицау, дуар нын бакæн!“
12Фæлæ сын уый дзуапп радта: „Æцæг уын
зæгъын: æз, чи стут, уый нæ зонын“.
13Уæдæ æдзухдæр уæхи цæттæ дарут, уы-
мæн æмæ нæ зонут нæдæр уыцы бон, нæ-
дæр уыцы сахат [Адæймаджы Фырт кæд
æрцæудзæни].
14Уæд уыдзæнис уыцы æмбисондау: иу
адæймаг балцы ацæуыны размæ йæ ца-
гъартæм фæсидти æмæ сын йæ исбон ба-
фæдзæхста. 15Сæ иуæн радта фондз таланты,
иннæмæн — дыууæ, æртыккагæн — иу, ал-
кæмæн дæр — йæ арæхстдзинадмæ гæсгæ,
æмæ ацыди.
16Фондз таланты чи райста, уый уайтагъд
ацыд, спайда сæ кодта æмæ ма сæ ноджы
фондз таланты бакуыста. 17Дыууæ таланты
чи райста, уый дæр ма бакуыста дыууæ та-
ланты. 18Иу талант чи райста, уый та ацыди,
уæрм скъахта æмæ дзы йæ хицауы æвзист
банывгæдта.

19Бирæ рæстæджы фæстæ æрыздæхти
уыцы цагъарты хицау æмæ сæ дзуапп æр-
домдта. 20Фондз таланты чи райста, уый
бацыд, бахаста йæм иннæ фондз таланты
æмæ загъта: „Хицау, ды мын радтай фондз
таланты, æз сæ спайда кодтон æмæ ма сæм
мæнæ фондз таланты бафтыдтон“. 21Йæ
хицау ын загъта: „Хорз, ды дзæбæх æмæ
иузæрдион цагъар дæ! Гыццыл хъуыддаджы
иузæрдион уыдтæ, æмæ дын æз стырдæр
хъуыддаг бабар кæндзынæн. Рацу мидæмæ
æмæ цин кæн дæ хицауимæ“.

22Дыууæ таланты чи райста, уый дæр æм
бацыд æмæ йын загъта: „Хицау, ды мын
радтай дыууæ таланты, æз сæ спайда код-
тон æмæ ма сæм ноджы бафтыдтон дыууæ
таланты“. 23Йæ хицау ын загъта: „Хорз, мæ
дзæбæх æмæ иузæрдион цагъар! Гыццыл
хъуыддаджы иузæрдион уыдтæ, æмæ дын
æз стырдæр хъуыддаг бабар кæндзынæн.
Рацу мидæмæ æмæ цин кæн дæ хицауимæ“.

24Иу талант чи райста, уый дæр бацыд
æмæ йын загъта: „Хицау, æз зыдтон, ды
карз лæг кæй дæ, уый. Кæм нæ байтыдтай,
уым кæрдыс, кæм нæ райдзæгътай, уым æм-
бырд кæныс. 25Æз тарстæн, ацыдтæн æмæ
дын дæ талант баныгæдтон зæххы. Мæнæ
айс дæхион“.

26Йæ хицау ын загъта: „Æвзæр æмæ зи-
вæггæнаг цагъар! Кæм нæ байтыдтон, уым
кæй кæрдын æмæ, кæм нæ райдзæгътон,
уым кæй æмбырд кæнын, уый кæд зыдтай,
27уæд дын æмбæлди ме ’взист сæудæджер-
тæм раттын, æмæ уæд, куы æрыздæхтæн,
уæд æй æфтиагимæ райстаин.

28Райсут ын уæдæ йæ талант æмæ йæ, дæс
таланты кæмæ ис, уымæн раттут. 29Уымæн
æмæ, кæмæ ис, уымæн рардæуыдзæн æмæ
йæм уыдзæни бирæ; кæмæ нæй, уымæй
та ист æрцæудзæни, цы йæм ис, уый дæр.
30Ацы ницæйаг цагъары та аппарут æд-
дæмæ, талынгмæ: кæуын æмæ дæндæгты
хъыс-хъыс кæцæй хъуысдзæни, уырдæм“».
[Уыцы ныхæсты фæстæ Йесо хъæрæй загъта:
«Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!»]

31«Адæймаджы Фырт æппæт зæдтимæ Йæ
кадимæ куы ’рцæуа, уæд сбаддзæнис Йæ
кадджын бынаты. 32Йæ разы æрæмбырд уы-
дзысты æппæт адæмтæ, æмæ иуты фæхицæн
кæндзæн иннæтæй, фыййау фысты сæгътæй
куыд фæхицæн кæны, афтæ. 33Фысты æр-
лæууын кæндзæн Йæ рахизфарс, сæгъты
та — Йæ галиуфарс.

34Уæд, Йæ рахизфарс чи ис, уыдонæн Пад-
дзах зæгъдзæн: „Æрцæут, Мæ Фыды арфæйæ
хайджынтæ, æмæ райсут, дуне сфæлдисы-
нæй нырмæ уын цæттæгонд цы Паддзахад у,
уый. 35Уымæн æмæ Æз уыдтæн стонг, æмæ
Мæ бафсæстат; дойны Мын уыди, æмæ Мын
дон радтат; уыдтæн бæлццон, æмæ Мæ су-
азæг кодтат; 36уыдтæн бæгънæг, æмæ Мыл
дарæс скодтат; уыдтæн рынчын, æмæ Мыл
батыхстыстут; уыдтæн ахæстоны, æмæ Мæ
бабæрæг кодтат“.

37Уæд Æй рæстгæнджытæ фæрсдзысты:
„Хицау, кæд Дæ федтам стонгæй æмæ Дæ
кæд бафсæстам? Кæнæ Дын дойны кæд уыди,
æмæ Дын дон кæд радтам? 38Кæд Дæ федтам
бæлццонæй æмæ Дæ кæд суазæг кодтам?
Кæнæ Дæ кæд федтам бæгънæгæй æмæ Дыл
дарæс кæд скодтам?

39Кæд Дæ федтам рынчынæй кæнæ
ахæстоны бадгæйæ æмæ Дæ кæд бабæрæг
кодтам?“

40Æмæ сын Паддзах дзуапп ратдзæн:
„Æцæг цы у, уый уын зæгъын: Мæ ацы кæс-
тæр æфсымæртæй иуæн цы сарæзтат, уый
Мæнæн сарæзтат“.

41Уæд, Йæ галиуфарс чи ис, уыдонæн та
зæгъдзæн: „Ацæут Мæнæй, æлгъыстытæ,
хæйрæгæн æмæ йæ зæдтæн цæттæгонд цы
мыггагмæйы арт ис, уырдæм. 42Уымæн æмæ
Æз уыдтæн стонг, æмæ Мæ нæ бафсæстат;
уыди Мын дойны, æмæ Мын дон нæ радтат;
43уыдтæн бæлццон, æмæ Мæ не суазæг код-
тат; уыдтæн бæгънæг, æмæ Мыл дарæс не
скодтат; уыдтæн рынчын æмæ ахæст, æмæ
Мыл нæ батыхстыстут“.

44Уæд Æй уыдон дæр фæрсдзысты: „Бар-
дарæг, кæд Дæ федтам стонгæй, кæнæ Дын
дойны кæд уыди? Кæд Дæ федтам бæлццо-
нæй кæнæ бæгънæгæй, рынчынæй кæнæ
ахæстæй æмæ Дын кæд нæ балæггад кодтам?“

45Æмæ сын Паддзах дзуапп ратдзæн:
„Æцæг цы у, уый уын зæгъын: ацы кæстæр-
тæй иуæн цы нæ бакодтат, уый Мæнæн нæ
сарæзтат“.

46Æмæ уыдон ацæудзысты æнусмæ хъи-
зæмар кæнынмæ, рæстудтæ та — æнусон
цардмæ».

**26** Йесо Йæ ныхас куы фæци, уæд Йæ аху-
ыргæнинæгтæн загъта:
2«Сымах зонут: дыууæ боны фæстæ уы-
дзæни Куадзæн, æмæ Адæймаджы Фырты
дзуарыл байтындздзысты».

3Уыцы рæстæг алчертæ æмæ адæмы хис-
тæртæ æрæмбырд сты алчер Каиафæйы
галуаны 4æмæ бауынаффæ кодтой Йесойы
хинæй æрцахсын æмæ Йæ амарын. 5Фæлæ

дзырдтой: «Ӕрмæст бæрæгбоны нæ, науæд
адæм сызмæнтдзысты».
6Йесо уыди Вифанийы, хъотырджын Си-
моны хæдзары. 7Уырдæм Ӕм æрбацыд иу
сылгоймаг зынаргъ хæрздæфгæнæнæй дзаг
дурынимæ æмæ, Йесо фынгыл бадти, аф-
тæмæй Йын хæрздæфгæнæн райдыдта Йæ
сæрыл уадзын. 8Йæ ахуыргæнинæгтæ уый
куы федтой, уæд смæсты сты æмæ дзырдтой:
«Цæмæн хъуыди уый бæрц хардз кæнын?
9Ацы хæрздæфгæнæн уыди стыр аргъыл
ауæй кæнæн æмæ уыцы æхца мæгуыртæн
раттæн».
10Йесо бамбæрста, цæуыл дзуринц, уый
æмæ сын загъта: «Цæмæн къæмдзæстыг
кæнут сылгоймаджы? Уый Мæнæн хорз хъу-
ыддаг сарæзта. 11Уымæн æмæ мæгуыртæ
æдзух уæ фарсмæ сты, Ӕз та æдзух уемæ
нæ уыдзынæн.
12Ацы хæрздæфгæнæн Мын Мæ буарыл
кæй ауагъта, уымæй Мæ æрцæттæ кодта
ныгæнынмæ.
13Ӕцæг цы у, уый уын зæгъын: Фарны Уац
æппæт дунейы кæмдæриддæр айхъуыса,
уым-иу, ацы сылгоймаджы æрымысынæн,
цы сарæзта, уый кой ракæндзысты».
14Уæд дыууадæс ахуыргæнинагæй иу, Иу-
дæ Искариот, ацыди алчертæм 15æмæ сын
загъта: «Цы мын ратдзыстут, уæ къухы уын
Ӕй куы бафтын кæнон, уæд?» Уыдон ын рад-
той дæс æмæ ссæдз æвзист æхцайы. 16Ӕмæ
уæдæй фæстæмæ Иудæ агуырдта Йесойы
сын сæ къухтæм раттыны фадат.
17Донгонд дзулты бæрæгбоны фыццаг
бон Йесомæ бацыдысты Йæ ахуыргæ-
нинæгтæ æмæ Йæ бафарстой: «Куыд Дæ
фæнды, кæм Дын æрæвæрæм Куадзæны
фынг?»
18Уый сын дзуапп радта: «Ацæут сахармæ,
иу лæгмæ, æмæ йын зæгъут: „Ахуыргæнæг
зæгъы: Мæ рæстæг æрæввахс ис, æмæ Мæ
ахуыргæнинæгтимæ Куадзæн дæ хæдзары
бæрæг кæндзынæн“».
19Ахуыргæнинæгтæ бакодтой, Йесо сын
куыд загъта, афтæ æмæ Куадзæны фынг
æрæвæрдтой.
20Куы баизæр ис, уæд Йесо Йæ дыууа-
дæс ахуыргæнинагимæ æрбадти фынджы
уæлхъус.
21Куы хордтой, уæд Йесо загъта: «Ӕцæг цы
у, уый уын зæгъын: уæ иу Мыл гадзрахатæй
рацæудзæн».
22Уыдон тынг æрæнкъард сты æмæ Йæ
радыгай фæрсын райдыдтой: «Уый, мыййаг,
æз уыдзынæн, Хицау?»
23Йесо сын дзуапп радта: «Цæхдоны Мемæ
йæ къæбæр чи атылдта, уый Мæ ауæй кæн-
дзæн. 24Ӕниу, Адæймаджы Фырт фæцæуы,
Сыгъдæг Фыст Дзы куыд зæгъы, афтæ. Фæлæ
сар йæ сæр, гадзрахатæй Йыл чи рацæуа, уы-
мæн. Уыцы адæймаг куы нæ райгуырдаид,
уæд ын хуыздæр уыдаид».
25Уæд Йæ уæйгæнæг Иудæ дæр загъта:
«Уый, мыййаг, æз уыдзынæн, Равви?» Йе-
со йын дзуапп радта: «Дæхæдæг æй куы
зæгъыс».
26Хæргæ ма куы кодтой, уæд Йесо райс-
та дзул, Хуыцауæн арфæ ракодта, асаста
йæ, ахуыргæнинæгтæм æй алæвæрдта æмæ
загъта: «Айсут æмæ хæрут — уый Мæ Буар
у». 27Уый фæстæ райста сæны кæхц, Хуы-
цауæн арфæ ракодта, алæвæрдта сæм æй
æмæ загъта: «Уе ’ппæт дæр дзы бануазут,
28уымæн æмæ уый Мæ Туг у — уымæй фи-
даргонд цæуы Ног Фидыд, æмæ бирæтæн
сæ тæригъæдтæ ныббарыны сæраппонд
ныккæлдзæн.
29Зæгъын уын, амæй фæстæмæ нал бану-
аздзынæн ацы сæнæфсиры сæнæй, цалынмæ
Мæ Фыды Паддзахады уемæ ног сæн бану-
азон, уæдмæ».
30Стæй азарыдысты арфæйы зарджытæ
æмæ ацыдысты Елеоны хохмæ.
31Уæд сын Йесо загъта: «Ахсæв Мæ уе ’ппæт
дæр ныууадздзыстут, уымæн æмæ фыст ис:
„Ӕрцæвдзынæн фыййауы, æмæ ныххæлиу
уыдзæни фысты дзуг“. 32Фæлæ куы райгас
уон, уæд уæ разæй ацæудзынæн Галилеймæ».
33Петр афтæ бакодта: «Се ’ппæт дæр Дæ
куы ныууадзой, уæд дæр Дæ æз никуы ныу-
уадздзынæн». 34Йесо йын загъта: «Ӕцæг
цы у, уый дын зæгъын, ахсæв уасæг нæма
ныууасдзæн, афтæ Мыл æртæ хатты атигъ
кæндзынæ дæхи». 35Петр Ын загъта: «Демæ
мæ амæлын куы бахъæуа, уæд дæр Дыл æз
мæхи нæ атигъ кæндзынæн». Афтæ дзырд-
той иннæ ахуыргæнинæгтæ дæр.
36Уый фæстæ Йесо Йæ ахуыргæнинæг-
тимæ æрцыди, Гефсимани, зæгъгæ, уыцы
бынатмæ, æмæ сын загъта: «Сымах уал ам
абадут, Ӕз та уал иуварс ацæуон æмæ баку-
вон». 37Йемæ акодта Петры, стæй Зеведейы
дыууæ фырты. Йæхимидæг райдыдта хъын-
цъым æмæ æрхæндæг кæнын. 38Ӕмæ сын
загъта: «Мæ уд мæлæтон хъынцъым кæны;
фæлæуут ам Мæ фарсмæ, ма-иу бафынæй
ут». 39Йæхæдæг иу чысыл æддæдæр ацыд,
зæххыл ныддæлгом ис æмæ куывта: «Мæ
Фыд, кæд гæнæн ис, уæд Мæ ацы хъизæ-
мæртты кæхцæй бахиз. Ӕниу, Мæн куыд

фæнды, афтæ нæ, фæлæ Дæу куыд фæнды,
афтæ уæд».
40Йесо бацыди Йæ ахуыргæнинæгтæм
æмæ сæ фынæйæ куы баййæфта, уæд Пет-
рæн загъта: «Ау, æнæ фынæйæ иу сахат куыд
нæ бафæрæзтат Мемæ? 41Ма бафынæй ут
æмæ кувут, цæмæй фæлварæны ма баха-
уат. Уд фидар у, буар та — æдых». 42Ногæй
та фæхибар кодта Йæхи æмæ куывта: «Мæ
Фыд, кæд Мын ацы хъизæмæртты кæхцæн
æнæ бануазгæ нæй, уæд, Дæу куыд фæнды,
афтæ уæд». 43Куы сæм æрбацыд, уæд та сæ
баййæфта фынæйæ, уымæн æмæ сæ цæс-
тытæ хуыссæгæй æруæззау сты. 44Æмæ та
сæ уым ныууагъта, ацыд æмæ æртыккаг
хатт дæр афтæ скуывта. 45Уый фæстæ Йæ
ахуыргæнинæгтæм æрбаздæхт æмæ сын
загъта: «Ныр дæр ма фынæй кæнут æмæ уæ
фæллад уадзут? Мæнæ æрхæстæг ис, Адæй-
маджы Фырты тæригъæдджынты къухмæ
кæд ратдзысты, уыцы рæстæг. 46Сыстут æмæ
ацæуæм. Мæнæ Мæ уæйгæнæг æрбаввахс ис».
47Йесо Йæ ныхас нæма фæци, афтæ фæ-
зындис Иудæ, дыууадæс ахуыргæнинагæй
иу. Алчертæ æмæ йын адæмы хистæртæ
йемæ рарвыстой бирæ адæм кæрдтæ æмæ
хъилтимæ. 48Йесойы уæйгæнæг сын радта
ахæм нысан: «Кæмæн аба кæнон, Уый у, æмæ
Йæ æрцахсут». 49Комкоммæ Йесомæ бацыд
æмæ загъта: «Дзæбæх у, Равви!» Æмæ Йын
аба кодта. 50Йесо йын загъта: «Ам дæ, Мæ
хæлар?» Уæд адæм Йесомæ фæлæбурдтой
æмæ Йæ æрцахстой. 51Йесоимæ чи уыди,
уыдонæй иу фелвæста йæ кард, алчеры ца-
гъары дзы æрцавта æмæ йын йæ хъус ахауын
кодта. 52Уæд ын Йесо загъта: «Дæ кард йæ
кæрддзæмы нывæр — кард чи сиса, уый
йæ мæлæт кардæй ссардзæн. 53Æви афтæ
æнхъæл дæ, æмæ, ныртæккæ Мæ Фыдæй
куы ракурин, уæд Мын Уый дыууадæс леги-
онæй фылдæр зæдтæ нæ рарвитид? 54Фæлæ
æппæт уыдæттæ куы не ’рцæуой, уæд куыд
сæххæст уыдзæн, Сыгъдæг Фыст цы зæгъы,
уый?» 55Æмæ Йесо адæмæн загъта: «Цыма
абырæг дæн, уыйау Мæм кæрдтæ æмæ хъил-
тимæ куы рацыдыстут ахсынмæ. Афтæмæй
та Æз æрвылбон Кувæндоны бадтæн æмæ
уæ ахуыр кодтон, æмæ Мæ уæд нæ ахстат.
56Фæлæ æппæт адæттæ уымæн цæуынц,
цæмæй сæххæст уа, пехуымпартæ цы ныф-
фыстой, уый». Уæд Æй ахуыргæнинæгтæ се
’ппæт дæр ныууагътой æмæ фæлыгъдысты.
57Йесойы чи æрцахста, уыдон Æй акодтой
алчер Каиафæмæ. Уым æмбырдæй уыдыс-
ты динамонджытæ æмæ адæмы хистæртæ.
58Петр дæрддзæфгомау цыди Йæ фæдыл. Ба-
цыд алчеры кæртмæ æмæ уым хъахъхъæн-
джытимæ æрбадти, цæмæй фена, хъуыддаг
цæуыл ахицæн уыдзæн, уый.
59Алчертæ æмæ æппæт синедрион Йесойы
ныхмæ агуырдтой мæнг æвдисæйнæгтæ,
цæмæй Йын амарыны тæрхон рахæссой.
60Фæлæ сæ къухы ницы бафтыд, кæд сæм
бирæ мæнгæвдисæнтæ æрбацыди, уæддæр.
Фæстагмæ ма дыууæ мæнгæвдисæны æр-
бацыд 61æмæ загътой: «Уый дзырдта: „Мæ
бон у Хуыцауы Кувæндон фехалын æмæ йæ
æртæ бонмæ саразын“».
62Уæд алчер йæ бынатæй сыстад æмæ Йе-
сойæн загъта: «Дæ ныхмæ Дын цы дзурынц,
уымæн ницы дзуапп дæттыс?» 63Фæлæ Йесо
ницы дзырдта. Алчер Ын загъта: «Расомы
кæн цардæгас Хуыцауы раз, раст ныхас нын
кæй зæгъдзынæ, уый тыххæй: Ды дæ Чы-
рысти, Хуыцауы Фырт?»
64Йесо йын дзуапп радта: «Дæхæдæг æй
куы зæгъыс. Фæлæ уын зæгъын: нырæй фæс-
тæмæ „Адæймаджы Фырты уындзыстут Æп-
пæтхъомысы рахизфарс бадгæ æмæ æрвон
æврæгътыл æрцæйцæугæ“».
65Уыцы ныхæстæм алчер фæйнæрдæм
арæдывта йæ дарæс æмæ загъта: «Хуыцауы
рафаудта! Цæй æвдисæнтæ ма нæ хъæуы?
Мæнæ уæхæдæг куы фехъуыстат, Хуыца-
уы куыд фауы, уый! 66Цы хъуыды уæм ис?»
Уыдон ын дзуапп радтой: «Аххосджын у,
хъуамæ мард æрцæуа».
67Æмæ Йын иутæ Йæ цæсгомыл тутæ
кæнын райдыдтой, иннæтæ Йын цавтой
Йæ рустæ 68æмæ дзырдтой: «Чырысти, кæд
пехуымпар дæ, уæд-ма базон, чи Дæ ныц-
цавта, уый».
69Ныр Петр та кæрты бадти. Иу лæггадгæ-
нæг сылгоймаг æм бацыди æмæ йын загъта:
«Ды дæр Галилейаг Йесоимæ уыдтæ». 70Фæлæ
Йыл Петр се ’ппæты раз йæхи атигъ кодта:
«Цæй кой кæныс, уый нæ зонын». 71Кулду-
армæ куы фæцæйцыди, уæд та йæ æндæр
лæггадгæнæг сылгоймаг базыдта æмæ, уым
чи уыди, уыдонæн загъта: «Ай Назаретаг
Йесоимæ уыди». 72Петр та нæ басасти, сомы-
тæгæнгæ дзырдта: «Æз уыцы Адæймаджы
нæ зонын». 73Уым чи лæууыд, уыдон дæр
чысыл фæстæдæр бацыдысты Петрмæ æмæ
йын загътой: «Ды дæр бæлвырд уыдонæй
дæ — де ’взаджы здæхт дыл комдзог цæуы».
74Уæд Петр ард хæрын æмæ Хуыцауæй сомы
кæнын райдыдта: «Æз уыцы Адæймаджы нæ
зонын». Уыйадыл уасæг ныууасыди, 75æмæ
Петры зæрдыл æрлæууыд, Йесо йын цы

загъта, уый: «Уасæг нæма ныууасдзæн, афтæ
Мыл æртæ хатты атигъ кæндзынæ дæхи».
Петр æддæмæ рацыд æмæ судзаг цæссыгæй
ныккуыдта.

**27** Куы сбон ис, уæд алчертæ æмæ адæмы
хистæртæ иууылдæр æрæмбырд сты, цæ-
мæй Йесойæн марыны тæрхон рахæссой.
2Уыйадыл Æй сбастой, акодтой Йæ æмæ Йæ
Иудейы бæстыхицау Пилаты къухмæ радтой.
3Йесойæн мæлæты тæрхон кæй рахастой,
уый Йæ уæйгæнæг Иудæ куы базыдта, уæд
йæхиуыл æрхудти, дæс æмæ ссæдз æвзист
æхцайы фæстæмæ алчертæ æмæ адæмы
хистæртæм бахаста 4æмæ загъта: «Æз фæ-
тæригъæдджын дæн, æназым туг кæй ауæй
кодтон, уымæй». Фæлæ йын уыдон дзуапп
радтой: «Уый махмæ нæ хауы. Дæхи хъу-
ыддаг у». 5Иудæ æвзист æхцатæ аппæрста
Кувæндоны, рацыд æмæ йæхи æрцауыгъта.
6Алчертæ систой æвзист æхцатæ æмæ
загътой: «Кувæндоны хæзнадоны сын нывæ-
рын не ’мбæлы, уымæн æмæ туджы аргъ сты».
7Бауынаффæ кодтой æмæ дзы бæлццæтты
ныгæнынæн балхæдтой, дурынгæнæджы
зæхх кæй хуыдтой, уый. 8Уымæ гæсгæ уыцы
зæхх абон дæр хонынц «Туджы зæхх». 9Афтæ
сæххæст ис, пехуымпар Йеремиайы уылты
цы загъдæуыд, уый: «Æмæ райстой дæс æмæ
ссæдз æвзист æхцайы — Израилы фырттæ
Йын цы аргъ скодтой, уый. 10Æмæ уыдонæй
дурынгæнæджы зæххы аргъ бафыстой, Ху-
ыцау мын куыд загъта, афтæ».
11Ныр Йесо та æрлæууыди бæстыхицауы
раз, æмæ Йæ уый бафарста: «Ды дæ иудейаг
Паддзах?» Йесо йын дзуапп радта: «Дæхæ-
дæг æй куы зæгъыс». 12Фæлæ Йæ алчертæ
æмæ адæмы хистæртæ зылын кæнын куы
райдыдтой, уæд сын Йесо ницы дзуапп
радта. 13Уæд Ын Пилат загъта: «Дæ ныхмæ
куыд бирæ адæм æвдисæн кæнынц, уый нæ
хъусыс?» 14Фæлæ йын Йесо йæ иу фарстæн
дæр дзуапп нæ радта, æмæ бæстыхицау стыр
дисы бафтыди.
15Бæстыхицаумæ уыдис ахæм æгъдау:
бæрæгбоны-иу суæгъд кодта, адæмы-иу кæй
бафæндыдис, иу ахæм ахæсты. 16Уыцы рæс-
тæг сæм уыди, Вараввæ, зæгъгæ, зындгонд
ахæст, 17æмæ, адæм куы æрæмбырд сты, уæд
сæ Пилат бафарста: «Куыд уæ фæнды, кæй
уын рауадзон: Вараввæйы æви, Чырысти
кæй хонынц, уыцы Йесойы?» 18Уымæн æмæ
зыдта, Йесойы йын йæ къухмæ сæ фыр хæ-
лæгæй кæй радтой, уый. 19Ноджы ма, Пилат
тæрхонгæнæджы бынаты куы бадти, уæд
æм йæ ус дæр барвыста афтæ зæгъынмæ:
«Мацы Йын ракæн, уымæн æмæ уыцы Рæст-
гæнæджы тыххæй дысон бирæ фæудхар
кодтон мæ фыны». 20Фæлæ алчертæ æмæ
адæмы хистæртæ сардыдтой адæмы, цæмæй
сæрибар ракурой Вараввæйæн, Йесойы та
амарын кæной.
21Бæстыхицау сæ бафарста: «Куыд уæ
фæнды, ацы дыууæйæ уын кæй рауадзон?»
Уыдон загътой: «Вараввæйы».
22Пилат та сæ ногæй бафарста: «Æмæ уæд,
Чырысти Кæй хонынц, уыцы Йесойæн та цы
бакæнон?» Æмæ иууылдæр схор-хор кодтой:
«Дзуарыл тыгъд æрцæуæд!»
23Пилат бафарста: «Уагæр æвзæрæй цы
ракодта?» Фæлæ уыдон ноджы тынгдæр
хъæр кодтой: «Дзуарыл тыгъд æрцæуæд!»
24Пилат федта, йæ бон саразын кæй ницы
у, уый æмæ змæст тынгæй-тынгдæр кæй кæ-
ны. Уæд райста дон, адæмы раз йæ къухтæ
цæхсадта æмæ загъта: «Æз ацы тугкалды
аххосджын нæ дæн. Уæ бар уæхи». 25Адæм ын
æмхъæлæсæй дзуапп радтой: «Йæ туг махæн
æмæ нæ зæнæгæн фидинаг фæуæд!» 26Уæд
сын Пилат рауагъта Вараввæйы, Йесойы та
ехсæй фæнæмын кодта æмæ бардзырд радта,
цæмæй Йæ дзуарыл байтындзой.
27Уыйадыл бæстыхицауы æфсæддонтæ
Йесойы акодтой галуанмæ, æмæ æппæт
æфсæддон хай уым Йæ алыварс æрæмбырд
ис. 28Раластой Йын Йæ дарæс æмæ Йыл сырх-
сырхид пæлæз скодтой. 29Сбыдтой сындзын
кады худ æмæ Йын æй æркодтой Йæ сæрыл,
Йæ рахиз къухмæ та Йын радтой лæдзæг. Сæ
зонгуытыл æрлæууыдысты Йæ разы æмæ
Йæ мæстæй мардтой: «Æгас цæуæд иуде-
йаг Паддзах!» 30Фæтутæ Йыл кодтой, уый
фæстæ Йын райстой Йæ лæдзæг æмæ Йын
дзы Йæ сæр цавтой.
31Дзæбæх Дзы куы фæхынджылæг кодтой,
уæд Ын раластой Йæ пæлæз, фæстæмæ Йыл
Йæхи дарæс скодтой æмæ Йæ байтындзын-
мæ акодтой.
32Куы рацыдысты, уæд фæндагыл иу ки-
ренæйаг лæгыл амбæлдысты, йæ ном — Си-
мон, æмæ Йесойы дзуар уымæн ахæссын
кодтой. 33Голгофæ (ома Сæргæхцы бынат)
кæй хонынц, уырдæм куы бахæццæ сты,
34уæд Ын нуазынæн радтой сæн мастимæ
хæццæйæ. Фæлæ дзы Уый куы ацахуыс-
та, уæд æй нал бануæзта. 35Дзуарыл Æй чи
байтыгъта, уыдон Ын Йæ дарæстыл хæлттæ
сæппæрстой æмæ сæ се ’хсæн байуæрстой.
36Стæй сбадтысты æмæ Йæ хъахъхъæдтой.
37Йæ сæрмæ Йын дзуарыл фæйнæджы гæбаз

ныххуыдтой, фыст ыл уыди Йæ азым: «АЙ У
ЙЕСО, ИУДЕЙÆГТЫ ПАДДЗАХ». 38Йемæ ма
дзуæрттыл байтыгътой дыууæ абырæджы,
сæ иуы — Йæ рахизфарс, иннæйы та — Йæ
галиуфарс. 39Йæ рæзты-иу чи фæцæйцыд,
уыдон-иу сæ сæртæ банкъуыстой æмæ Йын
алы æфхæрæн ныхæстæ кодтой: 40«Гъей, Ку-
вæндон халæг æмæ йæ æртæ бонмæ аразæг!
Кæд Хуыцауы Фырт дæ, уæд Дæхи фервæзын
кæн æмæ дзуарæй æрхиз».
41Афтæ Дзы хынджылæг кодтой алчертæ
дæр динамонджытæ æмæ адæмы хистæр-
тимæ: 42«Иннæты ирвæзын кодта, Йæхи
фервæзын кæнын та Йæ бон нæу! Израилы
Паддзах куы у! Ныртæккæ дзуарæй æрхизæд,
æмæ Йыл уæд бауæнддзыстæм. 43Хуыцауыл
Йæ зæрдæ дардта, æмæ Йæ ныр фервæзын
кæнæд, кæд Хуыцауæн фæндон у, уæд. Аф-
тæ куы дзырдта: „Æз Хуыцауы Фырт дæн“».
44Йемæ Йын кæй байтыгътой, уыцы абыр-
джытæ дæр Æй фаудтой.
45Æхсæз сахатыл бæстæ æгасæй дæр ба-
талынг æмæ афтæ ахаста фараст сахаты
онг. 46Фараст сахатмæ æвваxс Йесо хъæрæй
ныууынæргъыдта: «Эли, Эли, лема сабахта-
ни?» Ома: «Мæ Хуыцау, Мæ Хуыцау, цæмæн
Мæ ныууагътай?» 47Уый фехъусгæйæ, уым
чи лæууыди, уыдонæй чидæртæ загътой:
«Илийамæ дзуры».
48Сæ иу азгъордта, хырыз комраз туаг сæ-
ны стылдта, лæдзæгыл æй æрсагъта æмæ йæ
Йесомæ дзыхмæ схаста бануазынмæ. 49Ин-
нæтæ та дзырдтой: «Фæлæуу-ма, бакæсæм,
кæддæра Йæм Илийа æрцæуид æмæ Йæ
фервæзын кæнид». 50Йесо та ногæй хъæрæй
ныууынæргъыдта æмæ Йæ уд систа.
51Уæд Кувæндоны мидæмбæрзæн уæлейæ
дæлæмæ æрфасти æмæ дыууæ дихы фæцис.
Зæхх нынкъуысыд, æмæ къæдзæхтæ ас-
къуыдтæ сты. 52Ингæнтæ байгом сты, æмæ
мард сыгъдæджытæй бирæтæ райгас сты.
53Растадысты ингæнæй æмæ фæстæдæр,
Йесойы райгасы фæстæ, сыгъдæг сахармæ
бацыдысты æмæ бирæтæм раргом сты.
54Сæдæйыхицау æмæ Йесойы хъахъхъæн-
джытæ зæххæнкъуыст æмæ æппæт уыдæттæ
куы федтой, уæд тынг фæтарстысты æмæ
дзырдтой: «Уый æцæгæй Хуыцауы Фырт
уыди».
55Уым уыдысты æмæ дардæй кастысты,
Йесойæн лæггад кæнынмæ Галилейæ Йæ
фæдыл чи рацыди, уыцы сылгоймæгтæ дæр.
56Се ’хсæн — магдалæйаг Мариа, Йаков æмæ
Йосефы мад Мариа, стæй Зеведейы фырт-
ты мад.
57Куы баизæр, уæд æрцыд аримафейаг
хъæздыг лæг Йосеф. Уый дæр Йесойы ахуыр-
гæнинаг уыди. 58Бацыди Пилатмæ æмæ дзы
Йесойы мард ракуырдта. Пилат ын æй радта.
59Йосеф рахаста марды, гæн хъуымацы йæ
батыхта 60æмæ йæ бавæрдта, къæдзæхы
кæй скъахта, уыцы ног зæппадзы. Бахи-
зæныл бафæлдæхта стыр дур æмæ ацыди.
61Магдалæйаг Мариа æмæ иннæ Мариа дæр
уыдысты уым æмæ зæппадзæн йæ баком-
коммæ бадтысты.
62Дыккаг бон — уый уыди сабат — алчертæ
æмæ фарисейтæ æрæмбырд сты Пилатмæ
63æмæ йын загътой: «Не ’лдар, нæ зæрдыл
æрлæууыд, уыцы сайæгой ма удæгас куы
уыди, уæд афтæ кæй дзырдта: „Æртæ боны
фæстæ райгас уыдзынæн“. 64Уæдæ ратт зæп-
падз æртæ боны хъахъхъæныны бардзырд,
цæмæй Йæ ахуыргæнинæгтæ ма бацæуой, ма
Йæ адавой æмæ адæмæн афтæ ма зæгъой:
„Уый мæрдтæй райгас ис“. Уæд фæстаг сайд
фыццагæй фыддæр уыдзæн».
65Пилат сын загъта: «Мæнæ уын æфсæд-
донтæ, ацæут æмæ уæ куыд фæнды, афтæ
Йæ хъахъхъæнут». 66Уыдон ацыдысты æмæ
зæппадзæн йæ разы хъахъхъæнджытæ сæ-
вæрдтой, бахизæны дурыл та — мыхуыр.

**28** Сабат куы аивгъуыдта, уæд, къуырийæн
йæ фыццаг бон, магдалæйаг Мариа æмæ ин-
нæ Мариа сæударæй æрцыдысты зæппадз
бабæрæг кæнынмæ.
2Æвиппайды зæхх тынг нынкъуысти: Хуы-
цауы зæд æрцыди уæларвæй, дур афæлдæхта
æмæ йыл æрбадти. 3Уый уыди арвæрттывды
æнгæс, йæ дарæс — урс-урсид митау. 4Хъахъ-
хъæнджытæ фыр тæссæй ныррызтысты æмæ
мардау фесты.
5Зæд сылгоймæгтæн загъта: «Ма тæрсут!
Æз зонын, дзуарылтыгъд Йесойы кæй агу-
рут, уый. 6Ам нæй — райгас ис, куыд загъта,
афтæ. Æрбацæут æмæ фенут, кæм æвæрд
уыди, уыцы бынат. 7Цæугæут рæвдздæр
æмæ Йын Йæ ахуыргæнинæгтæн зæгъут,
мæрдтæй райгас ис, зæгъгæ. Уый уæ разæй
цæуы Галилеймæ, æмæ Йæ уым фендзыстут.
Уый уын мæ зæгъинаг».
8Сылгоймæгтæ ратындзыдтой зæппа-
дзы цурæй æмæ цинæмхæццæ тасимæ аз-
гъордтой хабар ахуыргæнинæгтæн фехъусын
кæнынмæ.
9Фæндагыл æвиппайды сæ размæ рацыди
Йесо æмæ сын загъта: «Цин кæнут!» Уыдон
Æм базгъордтой, сæ зонгуытыл æрхауд-
той Йæ разы æмæ Йын ныттыхстысты Йæ

къæхтыл. 10 Уæд сын Йесо загъта: «Ма тæр-
сут. Ацæут, фехъусын кæнут Ме ’фсымæр-
тæн, цæмæй Галилеймæ ацæуой; уым Мæ
фендзысты».
11 Сылгоймæгтæ ма фæндагыл уыдысты,
афтæ хъахъхъæнджытæй чидæртæ бахæццæ
сты сахармæ æмæ, цы æрцыди, уыдæттæ
алчертæн радзырдтой. 12 Уыдон æрæмбырд
сты адæмы хистæртимæ æмæ бауынаффæ
кодтой. Æфсæддонтæн бирæ æхца радтой
13 æмæ сын бафæдзæхстой: «Зæгъут афтæ:
„Йæ ахуыргæнинæгтæ æрцыдысты æмæ Йæ
æхсæвы, мах фынæй куы уыдыстæм, уæд
адавтой“.
14 Кæд уыцы хабар бæстыхицаумæ бахæц-
цæ уа, уæд æй мах ууыл бауундин кæн-
дзыстæм æмæ уæ мастæй бахиздзыстæм».
15 Уыдон райстой æхца æмæ, куыд сын
бацамыдтой, афтæ бакодтой. Уыцы хабар иу-
дейæгты æхсæн суанг абон дæр хъуыстгонд у.
16 Иуæндæс ахуыргæнинаджы Галилеймæ,
Йесо цы хохмæ загъта, уырдæм ацыдысты
17 æмæ Йæ куы федтой, уæд Йæ разы сæ зон-
гуытыл æрхаудтой. Фæлæ дзы иуæй-иутæ
уæддæр гуырысхо кодтой.
18 Йесо сæм æрбахæстæг ис æмæ сын загъ-
та: «Арв æмæ зæххыл æппæт бартæ дæр
Мæнæн лæвæрд сты. 19 Уæдæ ацæут æмæ æп-
пæт адæмты Мæ ахуыргæнинæгтæ скæнут.
Аргъаут сыл Фыды, Фырты æмæ Сыгъдæг
Уды номæй. 20 Сахуыр сæ кæнут, Æз уын цы
бафæдзæхстон, æппæт уыдæттæ æхххæст кæ-
нын. Æз та дунейы фæудмæ кæддæриддæр
уыдзынæн уемæ».

# Маркы Евангели

Традицимæ гæсгæ, ацы чиныджы авторыл нымад у Иоанн Марк, Варнавæйы хæстæг. Уый сæйраг апостолты нымæцмæ нæ хауди, фæлæ уацамынд кодта — раздæр Павелимæ, стæй та Петримæ Ромы.

Ацы Евангели у цыппар Евангелийæн сæ тæккæ цыбырдæр. Нырыккон иртасджытæн сæ фылдæры хъуыдымæ гæсгæ, фыст æрцыдис иннæтæй раздæр, æмæ дзы Матфей æмæ Лука, сæхи Евангелитæ фысгæйæ, пайда кодтой. Ацы тексты кæцыдæр хæйттæ рахицæн кæнын зын у, фæлæ йæ сæйраг хай у Йесойы фидæны хъизæмæртты тыххæй рагныхас чиныджы 8-æм сæры.

Сæйраг æргом Марк здахы Йесойæн Йæ ныхæстæм нæ, фæлæ Йæ хъуыддæгтæм, уæлдайдæр та Йæ зæххон царды фæстаг къуырийы дæргъы Йерусалимы кæй араезта, уыдонмæ. Марк æвдисы Йесойы уæлахиз низтыл, хъизæмæрттыл æмæ мæлæтыл Йæхи мæлæты размæ. Æппæт уыдæттæ, æцæгæйдæр Хуыцауы Фырт кæй у, ууыл дзурæг сты. Уымæ Марк ницы зæгъы нæдæр Чырыстийы райгуырд, нæдæр Йæ райгасы фæстæ цауты тыххæй.

Марк йæ чиныг ныффыста алы адæмтæй рацæуæг чиныгкæсджытæн. Уымæ гæсгæ, кæд ацы Евангели бердзенаг æвзагыл фыст уыди, уæддæр Марк йæ текстмæ бахаста дзырдбæстытæ, уæды заманы Палестийы кæуыл дзырдтой, уыцы арамейаг æвзагыл, стæй ромаг хицауады кусджытæ æмæ æфсæддонтæй æрбайсгæ латинаг дзырдтæ.

---

**1** Хуыцауы Фырт Йесо Чырыстийы Фарны
Уацы райдайæн.
2 Пехуымпар Исайамæ афтæ фыст ис: «Мæ-
нæ Æз Мæ фидиуæджы æрвитын Дæ разæй,
æмæ Дын уый æрцæттæ кæндзæни Дæ фæн-
даг. 3 Æдзæрæг быдыры хъуысы фидиуæ-
джы хъæлæс: „Æрцæттæ кæнут Бардарæгæн
фæндаг, сæмраст Ын кæнут Йæ цæуæнтæ“».
4 Æдзæрæг быдыры фæзынд Иоанн. Уый
аргъуыдта донæй æмæ амыдта, зæгъгæ,
адæм куы æрфæсмон кæной æмæ уый ны-
санæн донаргъуыд куы райсой, уæд сæ тæри-
гъæдтæ хатыргонд æрцæудзысты. 5 Цыдыс-
ты йæм адæм Иудейы алы кæрæттæй æмæ
Йерусалимы цæрджытæ иууылдæр, æргом
састысты сæ тæригъæдтыл, æмæ сыл Иоанн
аргъуыдта Иорданы цæугæдоны.
6 Иоаннæн йæ уæлæдарæс уыди теуайы
хъуынæй, йæ астæуыл дардта гæрзæй рон,
хъæддаг мыдыбындзыты мыд æмæ мæ-
тыхтæ уыдысты йæ хойраг. 7 Уый адæмæн
дзырдта: «Мæ фæстæ æрбацæуы мæнæй
Тыхджындæр. Æз, æргуыбыр кæнон æмæ
Йын Йæ дзабыры бос райхалон, уый ак-
каг дæр нæ дæн. 8 Æз сымахыл аргъуыдтон
донæй, Уый та уыл аргъаудзæни Сыгъдæг
Удæй».
9 Уыцы рæстæг Йесо æрцыди галилейаг На-
заретæй, æмæ Йыл Иоанн донæй саргъуыдта
Иорданы. 10 Йесо донæй куы рацæйхызт, уæд
федта, арвы дуар куыд фегом ис æмæ Йæм
бæлоны хуызы Сыгъдæг Уд куыд æрцæй-
цыди, уый. 11 Æмæ уæларвæй æрыхъуысти:
«Ды Мæ уарзон Фырт дæ, Æз Дæуыл аудын».
12 Æмæ уайсахат Сыгъдæг Уд Йесойы æдзæ-
рæг быдырмæ акодта. 13 Æдзæрæг быдыры
Йесо фæци дыууиссæдз боны, æмæ Йæ уым
сайтан фæлвæрдта. Йесо уыди сырдты æх-
сæн, зæдтæ Йын лæггад кодтой.
14 Иоанны куы æрцахстой, уæд Йесо æрба-
цыди Галилеймæ æмæ хъусын кодта Хуыцауы
Фарны Уац: 15 «Æрцыдис афон æмæ æрхæстæг
ис Хуыцауы Паддзахад! Æрфæсмон кæнут уæ
тæригъæдтыл æмæ Фарны Уацыл æууæндут!»
16 Йесо Галилейы денджызы былгæрæт-
ты фæцæйцыд æмæ федта, Симон æмæ йе
ʼфсымæр Андрей сæ хызтæ денджызмæ куыд
æппæрстой, уый — кæсагахсджытæ уыдыс-
ты. 17 Йесо сын загъта: «Рацæут Мæ фæдыл,
æмæ уæ Æз адæймагахсджытæ сараздзы-
нæн». 18 Уыдон сæ хызтæ фæуагътой æмæ
Йæ фæдыл ацыдысты. 19 Йесо уырдыгæй
чысыл фалдæр куы бауад, уæд кæсы, æмæ
Зеведейы фырт Йаков йе ʼфсымæр Иоанни-
мæ бæлæгъы сæ хызтæ æмпъузынц. 20 Йесо
сæм æвæстиатæй фæсидти. Уыдон сæ фыд
Зеведейы йе ʼххуырст кусджытимæ бæлæ-
гъы ныууагътой æмæ Йæ фæдыл ацыдысты.
21 Æрцыдысты Капернауммæ. Куыд-
дæр сабат ралæууыд, афтæ Йесо бацыди

синагогæмæ æмæ адæмы ахуыр кæнын рай-
дыдта. 22Æмæ сæ дисы æфтыдта Йæ ахуырад,
уымæн æмæ сын динамонджытау нæ, фæлæ
барджынæй амыдта. 23Синагогæйы уыди
хæйрæдджджын адæймаг æмæ хъæр систа:
24«Цы Дæ хъæуы махæй, Назаретаг Йесо?
Ды нæ фесафынмæ æрцыдтæ! Æз зонын, Чи
дæ, уый — Ды Хуыцауы Сыгъдæг дæ». 25Йесо
æнæзæгъинагæн карзæй загъта: «Ныхъхъус
у æмæ æддæмæ рацу!» 26Æнæзæгъинаг ныу-
уыгъта уыцы адæймаджы, ныцъцъæхахст
кодта æмæ дзы рацыди. 27Адæм иууылдæр
дисы бафтыдысты æмæ кæрæдзийы фарс-
той: «Уый цы уа? Уый цавæр ног ахуырад
у? Барджынæй куы дзуры, æмæ Йын æнæ-
зæгъинæгтæ дæр Йæ бардзырд куы æххæст
кæнынц».

28Æгас Галилейыл Йесойы кой уайтагъд
айхъуысти.

29Уыйадыл синагогæйæ рацыдысты, æмæ
Йесо Йаков æмæ Иоаннимæ ацыди Симон
æмæ Андрейы хæдзармæ. 30Симоны усы мад
сади тæвднизæй, æмæ йæ уайтагъд Йесойæн
загътой. 31Йесо йæм бацыд, йæ къухыл ын
рахæцыд æмæ йæ рабадын кодта. Сылгой-
магæн йæ тæвд æрхауд, æмæ сын лæггад
кæнын райдыдта.

32Хур куы аныгуылд æмæ куы баизæр ис,
уæд Æм райдыдтой рынчынтæ æмæ хæй-
рæдджджынты кæнын, 33æмæ æгас сахар
сæ дуармæ æрæмбырд ис. 34Йесо сдзæбæх
кодта, алыхуызон низтæй рынчын чи уыди,
бирæ ахæм адæмы. Бирæтæн фæсырдта сæ
дæлимонты, фæлæ æнæзæгъинæгты дзурын
нæ уагъта, уымæн æмæ, Чи у, уый зыдтой.

35Сæударæй Йесо сыстад æмæ хæдзарæй
рацыд, хибар ранмæ Йæхи айста æмæ уым
куывта. 36Симон йе 'мбæлттимæ Йæ агурæг
ацыди. 37Куы Йæ ссардтой, уæд Ын загъ-
той, адæм иууылдæр Дæу агурынц, зæгъгæ.
38Йесо сын загъта: «Цомут æндæр рæттæм,
æмæ æввахс хъæуты дæр Фарны Уац хъусын
кæнон, уымæн æмæ Æз уый тыххæй æрцыд-
тæн». 39Æмæ Галилейы æппæт синагогæты
хъусын кодта Фарны Уац, адæмы ирвæзын
кодта дæлимонты ахæстæй.

40Йесомæ æрцыди хъотырджын, йæ зон-
гуытыл æрхауди Йæ разы æмæ Йын ныл-
лæгъстæ кодта: «Æрмæст Дæ бафæндæд,
æмæ мæ сдзæбæх кæндзынæ». 41Йесо йын
фæтæригъæд кодта, къухæй йыл бандзæ-
выд æмæ загъта: «Фæнды Мæ, сдзæбæх у».
42Хъотырджын уайтагъд фервæзти йæ ни-
зæй æмæ ссыгъдæг ис. 43Уыйадыл æй Йесо
уырдыгæй рарвыста. Карзæй йын загъта:
44«Хъусыс, ацы хабар макæмæн радзур, фæ-
лæ ацу, дæхи фенын кæн сауджынæн æмæ
Моисейы фæдзæхстмæ гæсгæ нывонд æр-
хæсс де ссыгъдæджы тыххæй, цæмæй йæ
иууылдæр феной». 45Фæлæ уый ацыд æмæ
хабар дæрдтыл айхъуысын кодта. Уыйадыл
Йесойæн сахартæм æргомæй бацæуæн нал
уыд æмæ-иу хибар рæтты баззади. Фæлæ
Йæм уæддæр алырдыгæй цыдысты.

**2** Цалдæр боны фæстæ Йесо æрбаздæхти
Капернауммæ. Хæдзары кæй ис, уый адæ-
мыл айхъуысти. 2Уый бæрц адæм æрæмбырд
ис, æмæ дуаргæрон æрлæууæн дæр нал уы-
ди. Йесо сын хъусын кодта Хуыцауы ныхас.
3Æмæ Йæм мæнæ цыппар лæджы æрбахас-
той æндзыгнизæй хъыгдарды. 4Адæмæй
Йæм бацæуæн кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ
хæдзары сæр байгом кодтой, цар ныххуынкъ
кодтой æмæ йæ уырдыгæй йæ хуыссæныл
æруагътой. 5Йесо сын федта сæ уырнындзи-
над æмæ загъта æндзыгнизæй хъыгдардæн:
«Мæ хъæбул, хатыр дын сты дæ тæригъæдтæ».
6Динамонджытæ цалдæрæй уым бадтысты
æмæ хинымæр дзырдтой: 7«Уый цытæ дзу-
ры? Хуыцауы куы фауы! Иунæг Хуыцауы
йеддæмæ тæригъæдтæ хатыр кæнын кæй
бон у?» 8Йесо сын уайтагъд Йæ Удæй базыд-
та сæ хъуыдытæ æмæ сын загъта: «Цæмæн
афтæ хъуыды кæнут? 9Æндзыгнизæй хъыг-
дардæн цы æнцондæр у зæгъын: „Хатыр
дын сты дæ тæригъæдтæ“ æви: „Сыст, сис
дæ хуыссæн æмæ райдай цæуын“? 10Фæлæ
сымах хъуамæ зонат: Адæймаджы Фыр-
тæн ис зæххыл тæригъæдтæ хатыр кæныны
бар». Æмæ æндзыгнизæй хъыгдардæн загъ-
та: 11«Дæумæ дзурын: сыст, сис дæ хуыссæн
æмæ цу дæ хæдзармæ». 12Уый фестади, йæ
хуыссæн систа æмæ æппæт адæмы раз ра-
цыди. Иууылдæр дисы бафтыдысты, кад
кодтой Хуыцауæн æмæ дзырдтой: «Ахæм
диссаг никуыма федтам».

13Йесо та ногæй рацыди денджызы былмæ.
Уырдæм Æм æрбацыди бирæ адæм, æмæ
сæ ахуыр кодта. 14Куы фæцæйцыди, уæд
хъалонисæн бынаты бадгæ федта Алфейы
фырт Левийы æмæ йын загъта: «Рацу Мæ
фæдыл». Уый сыстад æмæ ацыди Йæ фæдыл.
15Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ Левийы хæ-
дзары куы уыди, уæд семæ фынгыл бадти
бирæ хъалонисджытæ æмæ тæригъæдджын-
тæ — Йесойы фæдыл ахæм адæм бирæ цыди.
16Динамонджытæ æмæ фарисейтæ Йесойы
тæригъæдджынтæ æмæ хъалонисджытимæ
иу фынгыл бадгæ куы федтой, уæд Ын Йæ

ахуыргæнинæгтæн загътой: «Уый хъало-
нисджытæ æмæ тæригъæдджынтимæ ку-
ыд хæры?» 17Йесо уый куы фехъуыста, уæд
сын загъта: «Дохтыр æнæнизты нæ, фæлæ
рынчынты хъæуы. Æз æрцыдтæн рæстгæн-
джытæм нæ, фæлæ тæригъæдджынтæм
фæсидынмæ».

18Иоанны ахуыргæнинæгтæ æмæ фа-
рисейтæ ком куы дардтой, уæд чидæртæ
Йесомæ бацыдысты æмæ Йæ бафарстой:
«Иоанны ахуыргæнинæгтæ æмæ фарисейты
ахуыргæнинæгтæ ком куы дарынц, уæд Дæ
ахуыргæнинæгтæ цæуылнæ дарынц ком?»
19Йесо сын загъта: «Сиахсаг цалынмæ семæ
вæййы, уæдмæ чындзæхсæвы уазджытæ ком
фæдарынц, мыййаг? Цалынмæ сиахсаг семæ
вæййы, уæдмæ ком нæ фæдарынц. 20Фæлæ
ралæудзæни, сиахсаджы сын се ’хсæнæй
куы байсой, ахæм рæстæг, æмæ уæд дар-
дзысты ком.

21Зæронд дарæсыл ног хъуымацæй æмпъу-
зæн ничи æвæры: лæзæрд хъуымац æй нæ
бауромдзæн, æмæ скъуыд ноджы фестырдæр
уыдзæни. 22Ногдыгъд сæн дæр зæронд ла-
лымты ничи кæны: ног сæн арæмудздзæни
зæронд лалымтæ, æмæ сæн дæр акæлдзæни,
лалымтæ дæр фесæфдзысты. Ногдыгъд сæн
ног лалымты ныккæнынц».

23Иу сабаты Йесо фæцæйцыди хоры хуым-
тыл. Йæ ахуыргæнинæгтæ-иу цæугæ-цæуын
æфсиртæ ратыдтой. 24Æмæ Йын фарисейтæ
загътой: «Кæс-ма! Сабаты цы не ’мбæлы, уый
куыд кæнынц?» 25Йесо сын дзуапп радта:
«Давид æмæ йе ’мбæлттæ куы сыстонг сты
æмæ сын бахæринаг куы ницы уыди, уæд
цы бакодта, уый тыххæй нæ кастыстут, æви?
26Авиафар алчер куы уыди, уыцы рæстæг
бацыди Хуыцауы хæдзармæ æмæ бахордта,
æрмæстдæр сауджынтæн хæрын кæмæй
æмбæлди, уыцы нывонды дзултæй, æмæ ма
дзы йе ’мбæлттæн дæр радта». 27Йесо ма сын
загъта: «Адæймаджы сабатæн не сфæлдыс-
тæуыд, фæлæ сабат — адæймагæн. 28Уæдæ
Адæймаджы Фырт сабатæн дæр хицау у».

**3** Йесо ногæй бацыди синагогæмæ. Уым уы-
ди, йæ къух кæмæн бахуыскъ ис, ахæм адæй-
маг. 2Йесомæ аивæй сæ цæст дардтой, кæд
æй сабаты сдзæбæх кæнид, зæгъгæ, цæмæй
йæ фæзылын кæной. 3Йесо, йæ къух хуыскъ
кæмæн уыди, уыцы лæгæн загъта: «Рахиз-ма
адæмы размæ». 4Æмæ сæ бафарста: «Сабаты
хорз кæнын æмбæлы æви æвзæр? Уд фервæ-
зын кæнын æви йæ фесафын?» Æмæ ницы
дзырдтой. 5Йесо сыл тызмæгæй Йæ цæст
ахаста, дурзæрдæ кæй сты, ууыл хъыггæн-
гæйæ. Æмæ загъта цæнкуылæн: «Дæ къух-ма
æрбадар». Уый йæ къух бадардта, æмæ йын
адзæбæх ис. 6Фарисейтæ рацыдысты æмæ
уыйадыл Ироды фарсхæцджытимæ уынаф-
фæ кæнын райдыдтой, Йесойы цы амалæй
амарой, уый фæдыл.

7Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ денджызы
’рдæм ацыди. Йæ фæдыл агуылф кодта тынг
бирæ адæм — Галилей, Иудей, 8Йерусалим,
Идумей æмæ Иорданы фаллаг фарсæй. Тир
æмæ Сидоны алфамбылайæ дæр Æм адæм
къордтæй цыдысты, Йæ хъуыддæгты кой
Йын куы фехъуыстой, уæд. 9Æмæ Йесо Йæ
ахуыргæнинæгтæн бафæдзæхста, цæмæй
Йын бæлæгъ цæттæйæ дарой, уымæн æмæ
Йæм адæм æмгуылф кодтой. 10Уымæн æмæ
Уый бирæты сдзæбæх кодта, æмæ Йæм ныр
алыхуызон рынчынтæ сæхи æппæрстой, цæ-
мæй Йыл андзæвой. 11Йесойы фенгæйæ-иу,
æнæзæгъинæгты ахæсты чи уыди, уыдон
Йæ разы æрхаудтой æмæ хъæр кодтой: «Ды
Хуыцауы Фырт дæ!» 12Фæлæ сын Йесо тыз-
мæгæй, Чи у, уый дзурыны бар нæ лæвæрдта.

13Йесо ссыди хохмæ æмæ, кæмæ Йæ фæн-
дыд, уыдонмæ фæсидти. Æмæ Йæм æрба-
цыдысты. 14Уыдонæй равзæрста дыууадæсы
æмæ сæ рахуыдта апостолтæ, цæмæй уой
Йемæ, æрвита сæ Хуыцауы ныхас хъусын
кæнынмæ 15æмæ сын ратта дæлимонтæ
сурыны бар. 16Снысан кодта дыууадæс адæй-
маджы: Симоны (радта йын ном «Петр»);
17Зеведейы фырт Йаков æмæ йе ’фсымæр
Иоанны (радта сын ном «Боанергес», ома
«Æрвнæрды фырттæ»); 18Андрейы, Филиппы,
Варфоломейы, Матфейы, Фомайы, Алфейы
фырт Йаковы, Фаддейы, Симон Кананиты
19æмæ Иудæ Искариоты — фæстæдæр Æй
чи ауæй кодта, уый.

20Йесо фæстæмæ хæдзармæ æрбацыди.
Уый бæрц адæм та сæм æрбамбырд ис, æмæ
сын къæбæр ахæрыны фадат дæр нал уыди.
21Йæ хиуæттæ уый куы фехъуыстой, уæд Æм
æрбацыдысты, цæмæй Йæ сæхимæ акæной,
уымæн æмæ афтæ æнхъæл уыдысты, цыма
Йæ зонд фæцыд. 22Йерусалимæй æрцæуæг
динамонджытæ та дзырдтой, Веелзевулы
дæлбар у, зæгъгæ, æмæ дæлимонты дæр се
’лдары хъаруйæ суры.

23Йесо сæм фæсидти æмæ сын райдыдта
фæсномыгæй дзурын: «Сайтан куыд хъуамæ
расура сайтаны? 24Паддзахад куы ныддих-
тæ уа, уæд ын æнæ фехæлгæ нæй; 25хæдзар
дæр куы ныддихтæ уа, уæд фехæлдзæн.
26Уæдæ кæд сайтан йæхи ныхмæ растад

æмæ йæхæдæг йæхи ныхмæ тох кæны, уæд
уымæн дæр йæ кæрон æрцыд. 27Никæй бон
бауыдзæни тыхджыны хæдзармæ бабырын
æмæ йæ фæкъахын, раздæр уал ын йæхи
куынæ сбætта, уæд. 28Æцæг уын зæгъын:
адæм цыфæнды тæригъæд куы ракæной
æмæ Хуыцауæй цыфæнды фауæн ныхас
куы зæгъой — хатыр сын уыдзæни. 29Фæ-
лæ Сыгъдæг Уды чи рафауа, уымæн хатыр
никуы уыдзæн — уыцы тæригъæды тыххæй
мыггагмæ азымджын фæуыдзæн».
30Йесо афтæ уымæн загъта, æмæ чидæртæ
дзырдтой, цыма йæ мидæг ис æнæзæгъи-
наджы уд.
31Уæд Йесомæ æрбацыдысты Йæ мад æмæ
Йе 'фсымæртæ. Дуармæ æрлæууыдысты æмæ
Йæм бадзурын кодтой. 32Йæ алыварс бадти
бирæ адæм, афтæмæй Йын фехъусын кодтой:
«Дæ мад, Де 'фсымæртæ æмæ Дæ хотæ æдде
лæууынц, агурынц Дæ». 33Йесо сæ бафарс-
та: «Чи сты Мæ мад æмæ Ме 'фсымæртæ?»
34Æмæ, Йæ алыварс чи бадти, уыдоныл Йæ
цæст ахæсгæйæ, загъта: «Мæнæ сты Мæ мад
æмæ Ме 'фсымæртæ. 35Хуыцауы фæндон чи
æххæст кæны, уый у Мæнæн æфсымæр, хо
æмæ мад».

**4** Æмæ та Йесо денджызы был ногæй адæмы
райдыдта ахуыр кæнын. Тынг бирæ адæм
æрбамбырд ис йæ алыварс. Уæд Йесо бæ-
лæгъмæ бахызт æмæ уым æрбадти, адæм
та иууылдæр былгæрон уыдысты. 2Æмæ
сын фæсномыгæй бирæ фæцамыдта, аху-
ыр сæ кодта:
3«Æрбайхъусут-ма: мæнæ хортауæг тауын-
мæ рацыд. 4Таугæ-тауын нæмгуытæй иутæ
æрхаудысты фæндаггæрон, æртахтысты
мæргътæ æмæ сæ рауыгътой. 5Æрхауди дзы,
сыджыт фаг кæм нæ уыдис, ахæм дурджын
ран дæр, æмæ уайтагъд сæвзæрдысты, уы-
мæн æмæ зæхх арф нæ уыди. 6Фæлæ хур куы
скасти, уæд сæ асыгъта, æмæ бахус сты, уы-
мæн æмæ сæ уидаг фидар нæ уыд. 7Цасдæр
дзы æрхауди сындзыты æхсæн; сындзытæ
сырæзтысты æмæ сæ фæбынæй кодтой, æмæ
нæмгуытæ тыллæг нæ радтой. 8Иннæтæ та
æрхаудысты бæзнаг мæрыл. Сæхиуыл куы
схæцыдысты æмæ рæз куы схастой, уæд
тыллæг радтой: иутæ — дæс æмæ ссæдз хат-
ты, иннæтæ — æртиссæдз хатты, аннæтæ
та — фондзыссæдз хатты фылдæр». 9Æмæ
ма сын ноджы загъта: «Хъустæ кæуыл ис,
уый хъусæд!»
10Адæм куы ацыдысты, уæд Æй дыууадæс
ахуыргæнинаджы æмæ ма уым семæ чи
баззади, уыдон бафарстой, фæсномыгæй
цæмæн дзурыс, зæгъгæ. 11Йесо сын загъта:
«Сымахæн лæвæрд у Хуыцауы Паддзахады
сусæгдзинад зонын, уыдонæн та, æддагæт-
тæн, æппæт дæр фæсномыгæй амындæуы,
12уымæн æмæ

„сæ цæстæй кæсынц, фæлæ нæ
уынынц,
хъусæй хъусынц, фæлæ не 'мбарынц.
Хуыцаумæ се 'ргом куы раздахиккой,
уæд сын барст æрцæуиккой сæ
тæригъæдтæ"».

13Загъта ма сын: «Кæд ацы фæсномыг ны-
хас не 'мбарут, уæд иннæ æмбисæндтæ та
куыд бамбардзыстут?
14Тауæг ныхас тауы. 15Фæндаггæрон цы
нæмгуытæ æрхауди, уыдоны æнгæс сты
ахæм адæймæгтæ: куыддæр ныхас фехъу-
сынц, афтæ сайтан сæ уæлхъус алæууы æмæ
сын æй аскъæфы сæ зæрдæйæ. 16Дурджын
ран кæй байтыдæуыд, уыдоны æнгæс та
сты ахæм адæймæгтæ: куыддæр ныхас фе-
хъусынц, афтæ йæ, цингæнгæ, сæ зæрдæмæ
айсынц, 17фæлæ æнæуидаг сты, æмæ сын би-
рæ нæ ахæссы. Тыхст рæстæг куы ралæууы,
кæнæ Хуыцауы ныхасы тыххæй æфхæрын
куы райдайынц, уæд уайтагъд ныууадзынц
сæ уырныдзинад. 18Сындзыты æхсæн цы
нæмгуытæ байтыдæуыд, уыдон та сты ахæм
адæймæгтæ: фехъусынц ныхас, 19фæлæ сын
æй зæххон царды мæт, мулчы бæллиц æмæ
æндæр ахæм монцтæ сæ быны фæкæнынц,
æмæ пайда нæ ратты. 20Бæзнаг мæрыл цы
нæмгуытæ байтыдæуыд, уыдон та сты, ны-
хас чи фехъусы, йæ зæрдæмæ чи айсы, ахæм
адæймæгтæ: сæ иу пайда ратты дæс æмæ
ссæдз хатты, иннæ — æртиссæдз хатты, аннæ
та — фондзыссæдз хатты фылдæр».
21Йесо сын загъта: «Цырагъ агъуыстмæ,
мыййаг, уый тыххæй бахæссынц, цæмæй
йæ дурыны кæнæ сынтæджы бын бавæрой?
Цырагъдарæныл æй нæ сæвæрынц? 22Ахæм
сусæгдзинад нæй, æмæ ма рахъæр уа; афтæ
бамбæхсæн ницы ис, æмæ ма раргом уа.
23Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!»
24Æмæ сын бафæдзæхста: «Цы хъусут,
ууыл-иу ахъуыды кæнут. Цы барæнæй барут,
уыцы барæнæй сбардзысты сымахæн дæр
æмæ ма уын ыл ноджыдæр бафтаудзысты.
25Уымæн æмæ, кæмæ ис, уымæн рардæуы-
дзæн, кæмæ нæй, уымæй та, цы йæм ис, уый
дæр ист æрцæудзæни».
26Йесо загъта: «Уæларвон Паддзахад,
адæймаг зæххы хоры нæмыг куыд байта-
уы, уый æнгæс у. 27Æхсæвыгон кæны фынæй,

бонæй та сысты; уæдмæ мыггаг суадзы æвзар
æмæ рæзы — куыд, уый та адæймаг зонгæ
дæр нæ кæны. 28Уымæн æмæ зæхх тыллæг
йæхæдæг ратты: раздæр ссæуы æвзар, уый
фæстæ фæзыны æфсир, стæй æфсиры нæмыг
ныннæрсы. 29Хор куы сцæттæ вæййы, уæд
ыл адæймаг æвæстиатæй рауадзы æхсырф,
уымæн æмæ хуымгæрдæн афон ралæууыд».
30Йесо дзырдта дарддæр: «Цæимæ аба-
рæм Хуыцауы Паддзахад, цавæр фæсномыг
ныхасæй йæ равдисæм? 31Уый у хъыцъы-
йы нæмыгау. Тауинæгты æхсæн йæ гагайæ
къаддæр нæй. 32Куы йæ байтауынц æмæ
куы сзайы, уæд та цæхæрадоны зайæгойтæн
се 'ппæты сæрты акæсы, йе стыр къабузты
ауоны уæларвон мæргътæн сæ бон вæййы
ахстæттæ скæнын».
33Ахæм æмбисæндтæй сын Йесо, сæ бон
бамбарын цас уыди, уыйас амыдта. 34Æнæ
фæсномыг ныхасæй сын ницы дзырдта, Йæ
ахуыргæнинæгтæн та алцыдæр хибарæй
æмбарын кодта.
35Уыцы бон изæрæй Йесо Йæ ахуыргæни-
нæгтæн загъта: «Ахизæм денджызы фаллаг
фарсмæ». 36Ахуыргæнинæгтæ ауагътой адæ-
мы, Йесоимæ бæлæгъы сбадтысты æмæ араст
сты. Адæм дæр бæлæгъты рацыдысты Йæ
фæдыл. Уым ма уыди æндæр бæлæгътæ дæр.
37Æвиппайды уаддымгæ сыстад. Уылæнтæ
бæлæгъыл сæхи цавтой, æмæ бæлæгъ донæй
дзаг кæнын райдыдта. 38Йесо та бæлæгъы
кæрон фынæй кодта, Йæ сæр бæлæгъы базыл
сæвæрдта, афтæмæй. Райхъал Æй кодтой
æмæ Йын загътой: «Ахуыргæнæг, сæфгæ
куы кæнæм, уæд ныл Ды цæуылнæ мæт
кæныс?» 39Йесо сыстади, уад басабыр кодта
æмæ денджызæн загъта: «Æрæнцай, нысса-
быр у!» Уад банцад, æмæ бæстæ ныссабыр
ис. 40Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн загъта:
«Ахæм тæппуд цæмæн стут? Ныр дæр ма уæ
нæ уырны?» 41Уыдон стыр тасы бацыдысты
æмæ кæрæдзийæн дзырдтой: «Уый Чи уа,
уад æмæ денджыз Кæй коммæ кæсынц?»

**5** Бахæццæ сты денджызы иннæ фарсмæ,
Герасины бæстæм. 2Йесо куыддæр бæлæ-
гъæй рахызт, афтæ уæлмæрдтæй Йæ размæ
рацыди хæйрæджджын лæг. 3Уый царди
зæппæдзты, æмæ йæ суанг рæхыстæй сбæт-
тын дæр ничи фæрæзта, 4уымæн æмæ-иу
ыл бирæ хæттыты хъадамантæ бакодтой
æмæ-иу æй рæхыстæй сбастой, фæлæ-иу
уый арæдывта йæ рæхыстæ æмæ-иу йæ хъа-
дамантæ ныссаста. Йæ басæттыны хъару
никæмæ уыди. 5Иудадзыг, æхсæвæй-бонæй,
йæ хъæрахст цыди зæппæдзтæ æмæ хæхтæй,
йæхи дуртыл хоста.
6Йесойы дардмæ куы ауыдта, уæд Æм æр-
базгъордта, Йæ разы ныддæлгом ис зæххыл
7æмæ ныхъхъæр кодта: «Цы Дæ хъæуы мæ-
нæй, Йесо, Иууылбæрзонд Хуыцауы Фырт?
Хуыцауы хатырæй, хъизæмарæй мæ ма мар!»
8Афтæ та уымæн дзырдта, æмæ йын Йесо
загъта: «Æнæзæгъинаг, ныууадз ацы лæджы».
9Йесо йæ бафарста: «Дæ ном куыд у?» Уый
Йын загъта: «Мæ ном — легион, уымæн æмæ
мах бирæ стæм». 10Æмæ лæгъстæ кодта Йе-
сойæн, цæмæй сæ уыцы бæстæй ма фæсура.
11Уым къуылдымыл хызти хуыты стыр
дзуг, 12æмæ дæлимонтæ Йесойæн лæгъстæ
кодтой, хуытæм нæ барвит æмæ сæ мидæг
бацæуæм, зæгъгæ. 13Йесо сын бар радта.
Æнæзæгъинæгтæ фæуагътой лæджы æмæ
хуыты фæмидæг сты. Уыйадыл дзуг (уы-
даид дзы иу-дыууæ мины бæрц) къардиуæй
денджызмæ йæхи фехста æмæ фæдæлдон
ис. 14Хуыгæстæ азгъордтой æмæ хабар сахар
æмæ йæ алфамбылай хъæутыл айхъуысын
кодтой. Æмæ адæм, цы æрцыди, уый фе-
нынмæ рацыдысты. 15Йесойы размæ куы ба-
хæццæ сты, уæд кæсынц, æмæ, дæлимонты
легион кæй мидæг уыди, уыцы лæг бады, йæ
дарæс — йæ уæлæ, йæ зонд — йæхимæ, аф-
тæмæй. Æмæ старстысты. 16Хъуыддаг йæхи
цæстæй чи федта, уыдон сын хæйрæджджын
æмæ хуыты хабар ракодтой. 17Уæд æрхаты-
дысты Йесомæ, цæмæй сæ зæххæй ацæуа.
18Йесо бæлæгъмæ куы бацæйхызт, уæд
Æм, дæлимонты ахæстæй кæй фервæзын
кодта, уыцы лæг ныххатыди, Демæ мæ ауадз,
зæгъгæ. 19Фæлæ Йесо не сразы ис æмæ йын
загъта: «Ацу хæдзармæ, дæ бинонтæм. Ра-
дзур сын, Дунедарæг дын цы саразта æмæ
дын куыд батæригъæд кодта, уый». 20Уый
ацыд æмæ Дæссахарыл айхъуысын кодта,
Йесо йын цы саразта, уый. Æмæ иууылдæр
стыр дисы бафтыдысты.
21Йесо бæлæгъы фæстæмæ денджызы ин-
нæ фарсмæ куы æрбаздæхт, уæд Йæ алыварс
æрбамбырд ис бирæ адæм. Денджызы был ма
уыди, 22афтæ Йæм æрбацыди синагогæйы
хицæуттæй иу, Иаир, зæгъгæ. Йесойы куы
федта, уæд Ын Йæ къæхтæм йæхи æрæп-
пæрста 23æмæ Йын балæгъстæ кодта: «Мæ
чызг мæлгæ кæны; æрцу æмæ йыл Дæ къухтæ
авæр, цæмæй сдзæбæх уа æмæ цæра». 24Йесо
араст ис йемæ. Йæ фæдыл цыди бирæ адæм
æмæ Йæ алырдыгæй уынгæг кодтой.
25Иу сылгоймагæн дыууадæс азы йæ туг
цæуынæй не 'нцади. 26Бирæ дохтыртæ йын

бирæ хъизæмар бавзарын кодтой, цыдæ-
риддæр æм уыди, уый бахардз кодта, фæлæ,
фыддæр уавæрмæ цы æрцыд, уый йеддæмæ
йын æххуыс ницы фесты. 27Йесойы кой куы
фехъуыста, уæд Æм адæмы æхсæнты фæс-
тæрдыгæй бацыд æмæ Йын Йæ дарæсыл
андзæвыд, 28уымæн æмæ хинымæр дзырдта:
«Æрмæст Йæ дарæсыл Ын куы андзæвон,
уæд дæр сдзæбæх уыдзынæн». 29Туг уай-
тагъд йæ цæуынæй банцад, æмæ сылгоймаг
банкъардта, йæ низæй кæй фервæзти, уый.

30Уыцы уысм Йесо, тых Дзы кæй рацыди,
уый банкъардта, адæммæ разылд æмæ ба-
фарста: «Чи Мын андзæвыд Мæ дарæсыл?»
31Йæ ахуыргæнинæгтæ Йын дзуапп радтой:
«Адæм Дæ алырдыгæй куыд æлхъивынц,
уый уыныс, уæддæр ма фæрсыс, чи Мыл
андзæвыди, зæгъгæ». 32Фæлæ Йесо, чи Йыл
андзæвыд, уыцы сылгоймаджы адæмы ’хсæн
цæстæй агуырдта. 33Сылгоймаг, цы йыл
æрцыди, уый зонгæйæ, тæрсгæ-ризгæйæ
бацыди Йесомæ, Йæ къæхты бынмæ æрхау-
ди æмæ Йын алцы дæр, куыд уыди, афтæ
радзырдта. 34Уæд ын Йесо загъта: «Мæ чызг,
дæ уырнындзинад дæ фервæзын кодта. Цу
фарнимæ æмæ æнæниз у».

35Йесо Йæ ныхас нæма фæци, афтæ си-
нагогæйы хицаумæ æрбацыдысты йæ хæ-
дзарæй æмæ йын загътой: «Дæ чызг амард.
Ахуыргæнæджы ма цы фæлмæцын кæныс?»
36Фæлæ Йесо уыцы ныхæстæ куы фехъуыста,
уæд синагогæйы хицауæн загъта: «Ма тæрс,
æрмæст æуууæнд». 37Æмæ Йемæ ацæуын
никæй бауагъта, Петр, Йаков æмæ Йаковы
æфсымæр Иоанны йеддæмæ.

38Синагогæйы хицауы хæдзармæ бацы-
дысты. Йесо дзы баййæфта бирæ адæмы,
кæугæ æмæ дзыназгæйæ. 39Бацыди æмæ
сын загъта: «Цы маст кæнут, цæуыл кæут?
Сывæллон мард нæу, фынæй кæны». 40Æмæ
Йыл худтысты. Фæлæ Йесо се ’ппæты дæр
æддæмæ рарвыста, Йæхæдæг чызджы фыд,
мад æмæ Йе ’мбæлццæттимæ сывæллоны
уатмæ бацыди. 41Йæ къухыл ын ныххæцыд
æмæ йын загъта: «Талита, кум», ома: «Чызг,
дæумæ дзурын, сыст». 42Æмæ чызг — цыда-
ид ыл иу дыууадæс азы — уайтагъд фестад
æмæ йæ къæхтыл алæууыд. Æмæ се ’ппæт
дæр стыр дисы бафтыдысты. 43Йесо сын тынг
ныффæдзæхста, ацы хабар мачи базонæд,
зæгъгæ. Стæй ма сын загъта, цæмæй чызгæн
исты бахæрын кæной.

**6** Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ уырдыгæй
рацыд æмæ Йæ сахармæ æрбацыди. 2Сабат
куы ралæууыд, уæд синагогæйы амонын
райдыдта. Бирæ адæм Æм хъуыста, æмæ
иууылдæр дисгæнгæ дзырдтой: «Æппæт
уыдæттæ кæцæй зоны? Уагæры Йын цавæр
уæлзонд рардæуыди? Куыд у Йæ бон ахæм
диссæгтæ аразын? 3Хъæддæсны нæу, мый-
йаг, Мариайы фырт? Йаков, Йосеф, Иудæ
æмæ Симоны æфсымæр нæу? Йæ хотæ дæр
ам, не ’хсæн, не сты, æви?» Æмæ Йыл сæхи
атигъ кодтой.

4Йесо сын загъта: «Пехуымпар йæ фыды-
бæстæ, йæ хæстæджытæ æмæ йæ хæдзарæй
дарддæр æгад никуы вæййы». 5Æмæ уым Йæ
бон иу диссаг саразын дæр нæ уыд; æрмæст
цалдæр рынчыныл Йæ къухтæ æрæвæрдта
æмæ сæ сдзæбæх кодта. 6Диссаг Æм каст,
кæй ницы сæ уырны, уый.

Йесо зылди хæстæг хъæутыл æмæ ахуыр
кодта адæмы.

7Йесо фæсидти Йæ дыууадæс ахуыргæ-
нинагмæ æмæ сæ дыгæйттæй адæмы ахуыр
кæнынмæ æрвитын райдыдта, æнæзæгъи-
нæгты сурыны тых сын радта 8æмæ сын
бафæдзæхста: «Лæдзæгæй дарддæр мацы
райсут уемæ фæндагмæ — нæдæр хойраг,
нæдæр хордзен, нæдæр æхца уæ роны. 9Уæ
къахыл хуымæтæг дзабыртæ скæнут, фæс-
тауæрцæн дарæс ма райсут уемæ». 10Загъта
ма сын: «Цы хæдзары-иу æрфысым кæнат,
уым-иу баззайут, цалынмæ уыцы сахарæй
нæ рацæуат, уæдмæ. 11Кæм уæ не суазæг
кæной æмæ уæм кæм нæ байхъусой, уыр-
дыгæй-иу куы рацæйцæуат, уæд та-иу уæ
къæхты рыг ацæгъдут — азымджын кæй
сты, уый æвдисæнæн».

12Ахуыргæнинæгтæ ацыдысты æмæ адæм-
мæ сидтысты, цæмæй сæ тæригъæдтыл
æрфæсмон кæной. 13Бирæ дæлимонтæ-иу
расырдтой, бирæ рынчынты оливæйы сойæ
сæрстой æмæ сæ дзæбæх кодтой.

14Уыцы хабæрттæ паддзах Ироды хъустыл
дæр æрцыдысты, уымæн æмæ алы ран дæр
Йесойы кой кодтой. Иутæ дзырдтой: «Уый
Аргъауæг Иоанн мæрдтæй растад æмæ ахæм
диссæгтæ дæр уымæн аразы». 15Иннæтæ
дзырдтой: «Уый Илийа у»; аннæтæ та: «Уый
пехуымпар у, рагзаманы пехуымпарты ху-
ызæн». 16Фæлæ Ирод, уыдæттæ хъусгæйæ,
загъта: «Уый, æз йæ сæр кæмæн акъуырдтон,
уыцы Иоанн райгас ис».

17Хабар та уыдис афтæ: Ирод æрцахсын
кодта Иоанны æмæ йæ Иродиадæйы тыххæй
ахæстоны бакодта. Уый уыдис йе ’фсымæр
Филиппы ус, æмæ йæ Ирод ракуырдта. 18Ио-
анн та йын дзырдта: «Де ’фсымæры усимæ

дын не ’мбæлы цæрын». 19Иродиадæ йæм
уый тыххæй мæсты кодта, йæ амарынмæ
бæллыд, фæлæ йæ бон ницы уыди. 20Уы-
мæн æмæ Ирод тарстис Иоаннæй; раст æмæ
сыгъдæг адæймаг кæй у, уый зыдта æмæ йыл
йæ арм дардта. Кæд-иу Иоанны ныхæстæй
фæкъæмдзæстыг ис, уæддæр æм хъуыста
æхсызгонæй.

21Иродиадæйæн фадат фæзынди Ироды
гуырæнбоны. Ирод куывд скодта æмæ йе
’лдæрттæ, æфсæддон хицæуттæ æмæ Гали-
лейы уæздæтты фæхуыдта. 22Иродиадæйы
чызг сæм бацыд æмæ сын кафыди. Ирод æмæ
уазджыты зæрдæмæ йæ кафт афтæ тынг
фæцыдис, æмæ йын паддзах загъта: «Цы дæ
хъæуы, уый зæгъ, æмæ дын æй ратдзынæн».
23Сомы дæр ма йын ракодта: «Цыдæриддæр
мæ ракурай — мæ паддзахады æмбис дæр
дын ратдзынæн». 24Чызг рацыд æмæ йæ
мады бафарста: «Цы ракурон?» Уый йын
загъта: «Аргъауæг Иоанны сæр». 25Чызг уай-
тагъд фæстæмæ фездæхт æмæ паддзахæн
загъта: «Гъертæккæ мын Аргъауæг Иоанны
сæр тæбæгъыл мæ разы авæр». 26Паддзах
фенкъард ис, фæлæ уазджыты раз сомы кæй
ракодта, уымæ гæсгæ чызгæн «нæ» зæгъын
нал сфæрæзта. 27Уайтагъд йæ хъахъхъæн-
джытæй иуы Иоанны сæр æрбахæссынмæ
арвыста. 28Хъахъхъæнæг ацыд, ахæстоны
Иоаннæн йæ сæр акъуырдта æмæ йæ тæбæ-
гъыл чызгæн æрбахаста, уый та йæ радта йæ
мадмæ. 29Иоанны ахуыргæнинæгтæ уый куы
фехъуыстой, уæд æрбацыдысты, йæ мард
ын ахастой æмæ йæ зæппадзы бавæрдтой.

30Апостолтæ фæстæмæ æрбаздæхтысты
æмæ Йесойæн, цы саразтой æмæ адæмы
цæуыл сахуыр кодтой, æппæт уыдæттæ ра-
дзырдтой. 31Йесо сын загъта: «Хибар ранмæ
ацæут æмæ иу чысыл уæ фæллад суадзут».
Уымæн æмæ æрцæуæг æмæ фæстæмæ здæ-
хæг адæм уый бæрц уыдысты, æмæ сæ хæ-
рынмæ дæр не ’вдæлди.

32Йесо æмæ апостолтæ бæлæгъы иунæгæй
хибар ранмæ араст сты. 33Фæлæ сæ уæддæр
уынæг фæци, æмæ сæ бирæтæ базыдтой.
Уыйадыл æппæт сахартæй адæм фистæгæй
атындзыдтой æмæ сæ разæй фесты. 34Йесо
былмæ куы рахызти, уæд федта бирæ адæ-
мы æмæ сын фæтæригъæд кодта, уымæн
æмæ уыдон уыдысты æнæфыййау фыстау.
Æмæ сæ бирæ цæуылдæрты ахуыр кæнын
райдыдта.

35Бонæй бирæ нал уыди, афтæ Йесомæ
Йæ ахуыргæнинæгтæ бацыдысты æмæ
Йын загътой: «Ам фæсвæд ран у, бон та
фæивгъуыйы. 36Ауадз адæмы, цæмæй хæс-
тæг хъæутæм ацæуой æмæ сæхицæн исты
хæринаг балхæной». 37Йесо сын дзуапп рад-
та: «Сымах сын раттут хæринаг». Уыдон
Ын загътой: «Уæд та мах ацæуиккам æмæ
ацы адæмы бафсадынæн иу-дыууæсæдæ
динары аргъ дзул балхæниккам?» 38Йесо сæ
бафарста: «Цал дзулы уæм ис? Ацæут æмæ
фенут». Уыдон сæ федтой æмæ Йын загътой:
«Фондз дзулы æмæ дыууæ кæсаджы». 39Уæд
сын бафæдзæхста, адæмы иууылдæр цъæх
кæрдæгыл къордгай æрбадын кæнут, зæгъгæ.
40Адæм рæнхъгай æрбадтысты, иу къорды —
фондзыссæдз кæнæ дæс æмæ дыууиссæдз
адæймаджы. 41Йесо райста фондз дзулы æмæ
дыууæ кæсаджы, арвмæ скасти, Хуыцауæн
раарфæ кодта, дзултæ æрсаста æмæ сæ Йæ
ахуыргæнинæгтæм алæвæрдта, цæмæй сæ
адæмыл байуарой. Афтæ дыууæ кæсаджы
дæр се ’ппæтыл дæр байуæрста. 42Иууыл-
дæр бахордтой æмæ бафсæстысты. 43Дзул
æмæ кæсæгтæй ма цы баззади, уыдон куы
æрæмбырд кодтой, уæд уыдысты дыууадæс
чыргъæды йедзагæй. 44Хæргæ чи кодта, уы-
доны æхсæн æрмæст нæлгоймæгтæ уыди
фондз мины бæрц.

45Уый фæстæ Йесо Йæ ахуыргæнинæгты
бæлæгъы сбадын кодта æмæ сæ арвыста
денджызы иннæ фарсмæ, Вифсаидæмæ, Йæ-
хæдæг та уал уым баззади, цалынмæ адæмы
ауадза, уæдмæ. 46Куы сæ ауагъта, уæд хохмæ
ссыди скувынмæ. 47Изæрдалынгты бæлæгъ
бахæццæ ис денджызы астæумæ, Йесо та иу-
нæгæй уыди доны былыл. 48Æмæ федта, ахуы-
ыргæнинæгтæн сæ хъæру кæй басасти, уый,
уымæн æмæ дымгæ дымдта сæ ныхмæ. Нæ-
ма æрбабон ис, афтæ сæм Йесо денджызыл
бацыди къахæй, æмæ хъавыди сæ иувæрсты
аивгъуыйын. 49Уыдон Æй денджызыл цæугæ
куы федтой, уæд Дзы æндæрг фенхъæлдтой
æмæ хъæр систой. 50Уымæн æмæ Йæ се ’ппæт
дæр федтой æмæ фæтарстысты. Фæлæ сæм
Йесо сдзырдта: «Фидар фæлæуут, уый Æз
дæн! Ма тæрсут». 51Бæлæгъмæ сæм бахызти,
æмæ дымгæ банцади. Уыдон стыр дисы баф-
тыдысты, 52уымæн æмæ дзулты диссаг дæр
нæ бамбæрстой — сæ зæрдæтæ ныддур сты.

53Бахæццæ сты денджызы иннæ фарсмæ,
Геннисаретмæ, æмæ былгæрон æрлæууы-
дысты. 54Бæлæгъæй куы рахызтысты, уæд
адæм Йесойы уайтагъд базыдтой 55æмæ
Йын Йæ кой бæстæйы алы рæтты айхъу-
ысын кодтой. Йесо уым ис, зæгъгæ-иу, цы
бынатæй загътой, уырдæм Æм рынчынты
скъæфтой хуыссæнтыл. 56Кæдæмфæнды ма

бацыдаид Йесо, хъæутæм кæнæ сахартæм,
рынчынты-иу фæзты æрæвæрдтой æмæ
куырдтой, цæмæй сæ уæд та Йæ пæлæзы
хаутыл андзæвын бауадза. Æмæ-иу Йесойыл
чидæриддæр андзæвыд, уый-иу сдзæбæх ис.

**7** Фарисейтæ, стæй цалдæр динамонæджы
Йерусалимæй Йесомæ æрбацыдысты. 2Йæ
ахуыргæнинæгтæй Йын кæйдæрты федтой
æнæсыгъдæг, ома æнæхсад, къухтæй хæргæ.
3Фарисейтæ та, æппæт иудейæгтау, фыдæлты
æгъдауыл хæст сты æмæ, цалынмæ
бæлвырд фæткмæ гæсгæ сæ къухтæ цæхсой,
уæдмæ нæ хæрынц. 4Базарæй æрбацæугæйæ
дæр, цалынмæ æгъдаумæ гæсгæ сæхиуыл
дон æркалой, уæдмæ нæ бахæрынц. Уымæй
уæлдай ма сын ахсджиаг сты бирæ æндæр
уагæвæрдтæ: æхсынц къустæ, дурынтæ æмæ
æрхуы мигæнæнтæ.
5Фарисейтæ æмæ динамонджытæ Йесойы
бафарстой: «Дæ ахуыргæнинæгтæ фыдæлты
æгъдау цæмæн халынц, æнæсыгъдæг
къухтæй цæмæн хæрынц?» 6Йесо сын дзуапп
радта: «Дыдзæсгæмттæ, сымах тыххæй
пехуымпар Исайа хорз загъта. Йæ чиныджы
фыст ис: „Ацы адæм Мын кад кæнынц дзыхæй,
сæ зæрдæ та дард у Мæнæй. 7Дзæгъæлы
Мæм кувынц, уымæн æмæ, цы амонынц,
уыдон адæймаджы æрымысгæ æгъдæуттæ
сты“. 8Сымах ныууагътат Хуыцауы фæдзæхст,
адæймаджы æрхъуыдыгонд æгъдæуттыл та
фидар хæцут».
9Ноджы ма сын загъта: «Уæхи æгъдау æххæст
кæныны тыххæй Хуыцауы фæдзæхст
аивынмæ дæсны стут. 10Уымæн æмæ Моисей
загъта: „Нымай дæ фыд æмæ дæ мады“; ноджы
ма: „Йæ фыды кæнæ йæ мады æфхæрæг
амæлæд“. 11Сымах та дзурут, зæгъгæ, йæ фыд
кæнæ йæ мадæн афтæ чи зæгъа: „Мæнæй
дæм цы хауы, уый корбан (ома Хуыцауы
номыл мысайнаг) у“, 12уымæн бар дæттут
йæ фыд кæнæ йæ мадæн хорзæй мацы ракæнын.
13Афтæмæй Хуыцауы ныхас ивут
уæхи æвæрд æгъдауæй æмæ ма ноджы бирæ
æндæр ахæм митæ кæнут».
14Йесо ногæй фæсидти адæммæ æмæ сын
загъта: «Байхъусут Мæм иууылдæр æмæ бамбарут!
15Адæймагæн йæ хуылфмæ æддейæ
цы бацæуы, уый йæ нæ фæчъизи кæны, фæлæ
дзы æддæмæ цы рацæуы, уый. 16[Хъустæ
кæуыл ис, уый хъусæд!]»
17Йесо адæмы куы ныууагъта æмæ хæдзармæ
куы бацыди, уæд Æй Йæ ахуыргæнинæгтæ
бафарстой, уыцы фæсномыг ныхас
цы амоны, зæгъгæ. 18Уый сын бауайдзæф
кодта: «Ау, сымах дæр афтæ æнæмбаргæ
стут? Æви йæ нæ зонут, адæймаджы хуылфмæ
æддейæ цы бафты, уый йæ кæй нæ
фæчъизи кæны? 19Уымæн æмæ бацæуы йæ
зæрдæмæ нæ, фæлæ йæ гуыбынмæ, æмæ
стæй рацæуы æддæмæ». Уыцы ныхæстæй
Йесо бамбарын кодта, алы хæринаг дæр
сыгъдæг кæй у, уый. 20Ноджы ма загъта:
«Зæрдæйæ цы рацæуы, уый фæчъизи кæны
адæймаджы. 21Уымæн æмæ адæймагæн йæ
зæрдæйæ цæуынц фыдвæндтæ — давын, марын,
22бинойнагыл сайдæй цæуын; кæрæф,
фыдæх, мæнгарддзинад, хъахбайдзинад,
хахуыр, хирвæссондзинад, æдылы митæ.
23Уыцы æвзæрдзинæдтæ иууылдæр зæрдæйæ
рацæуынц æмæ уыдон фæчъизи кæнынц
адæймаджы».
24Йесо уырдыгæй ацыди Тиры зæхмæ.
Уым иу хæдзармæ бацыд; фæндыди Йæ,
уым ис, уый куы ничи базыдтаид, фæлæ
уæддæр нæ басусæг ис. 25Йесойы æрбацыды
кой уайтагъд фехъуыста, йæ чызг хæйрæджы
ахæсты кæмæн уыд, иу ахæм сылгоймаг. Уый
æрбацыд æмæ Йæ къæхтæм æрæппæрста
йæхи. 26Уыцы сылгоймаг уыди Сириаг Финикийæ,
муртаттаг. Æмæ Йесойæн лæгъстæ
кодта, мæ чызджы мын дæлимоны ахæстæй
суæгъд кæн, зæгъгæ. 27Фæлæ йын Йесо
загъта: «Раздæр уал хъуамæ сывæллæттæ
бафсæдой. Сывæллæтты разæй къæбæр райс
æмæ йæ куыйтæн аппар, уый хорз нæу».
28Сылгоймаг Ын дзуапп радта: «О, Хицау,
фæлæ куыйтæ дæр, сывæллæттæй цы муртæ
æрхауы, уыдон фынджы бын ахæрынц».
29Уæд ын Йесо загъта: «Ахæм дзуаппы фæстæ
цу, дæлимон рацыди дæ чызгæй». 30Сылгоймаг
йæ хæдзармæ куы æрбацыд, уæд йæ
хъæбулы баййæфта хуыссæны хуысгæйæ,
дæлимон æй ныууагъта.
31Тирæй фæстæмæ здæхгæйæ, Йесо йæ
фæндаг акодта Сидоныл æмæ Дæссахары
уылты рахызти Галилейаг денджызы былмæ.
32Æрбакодтой Йæм къæзæнæг къуырма
лæджы æмæ Дзы куырдтой, цæмæй йыл Йæ
къух авæра. 33Йесо йæ иуварс акодта адæмæй,
Йе ’нгуылдзтæ къуырмайы хъусты бавæрдта,
æрту кодта æмæ йын бавнæлдта йе ’взагмæ.
34Уый фæстæ арвмæ скасти, арф ныуулæфыд
æмæ загъта: «Эффата», ома: «Байгом у».
35Уыйадыл къуырмайы хъустæ байгом сты,
йе ’взаг феуæгъд ис, æмæ райдыдта сыгъдæг
дзурын. 36Уæд сын Йесо бафæдзæхста,
цæмæй уыцы хабар макæмæн радзурой. Фæлæ
сын цас тынгдæр фæдзæхста, уыйас æй
тынгдæр айхъуысын кодтой. 37Адæмы дисæн

кæрон нал уыд, æмæ дзырдтой: «Хорз кæны
алцы дæр: къуырматæн дæр байгом кæны
сæ хъустæ, къуыттыты дæр сдзурын кæны».

**8** Иу рæстæджы ногæй бирæ адæм куы
æрæмбырд ис æмæ та, цы бахæрой, уый
сын куы нæ уыд, уæд Йесо Йæ ахуыргæни-
нæгтæм фæдзырдта æмæ сын загъта: 2«Ацы
адæм ныр æртæ боны дæргъы Мемæ сты,
æмæ сæм хæринаг ницы ис. Тæригъæд сты
афтæмæй. 3Сæ хæдзæрттæм сæ æххормагæй
куы ауадзон, уæд фæндагыл бастайдзысты,
уымæн æмæ дзы бирæтæ дардæй æрбацы-
дысты». 4Йæ ахуыргæнинæгтæ Йын загътой:
«Ацы æдзæрæг ран сæ бафсадыны фаг дзул
чи самал кæндзæн?» 5Йесо сæ бафарста:
«Цал дзулы уæм ис?» Уыдон Ын загътой:
«Авд». 6Уæд Йесо адæмы æрбадын кодта
зæххыл, райста авд дзулы, Хуыцауæн арфæ
ракодта, æрсаста сæ æмæ сæ Йæ ахуыргæ-
нинæгтæм алæвæрдта, цæмæй сæ адæмыл
байуарой. Уыдон сæ байуæрстой. 7Уыди ма
сæм цалдæр гыццыл кæсаджы дæр. Йесо
Хуыцауæн раарфæ кодта, æмæ та уыдон
дæр байуæрстой. 8Адæм бахордтой æмæ
бафсæстысты. Хæрды уæлдæйттæй байдзаг
ис авд чыргъæды. 9Хæргæ чи кодта, уыдон
та уыдысты цыппар мины бæрц. Йесо сæ
афæндараст кодта, 10стæй Йæ ахуыргæни-
нæгтимæ уайтагъд бæлæгъмæ бахызти æмæ
Далмануфы зæхмæ абалц кодта.
11Æрбацыдысты фарисейтæ æмæ Йемæ
быцæу кæнын райдыдтой. Йæ бафæлва-
рыны тыххæй Дзы домдтой, уæларвæй нын
æвдисæйнаг равдис, зæгъгæ. 12Йесо арф
ныуулæфыдис æмæ загъта: «Ацы фæлтæр
æвдисæйнаг цæмæн домы? Æцæг цы у, уый
уын зæгъын: ацы фæлтæр ницы æвдисæй-
наг фендзæни». 13Уыйадыл сæ ныууагъта,
фæстæмæ бæлæгъмæ бахызт æмæ араст ис
денджызы иннæ фарсмæ.
14Йæ ахуыргæнинæгтæй семæ хæринаг
райсын айрох ис; бæлæгъы сæм иу дзул йед-
дæмæ ницы уыд. 15Йесо та сын фæдзæхста:
«Хъусут, уæхи хъахъхъæнут фарисейты, стæй
Ироды æнхъизæнæй». 16Æмæ ахуыргæни-
нæгтæ кæрæдзийæн дзырдтой, дзул нæм
кæй нæй, уый кой кæны, зæгъгæ. 17Йесо сæ
бамбæрста æмæ сын загъта: «Цæмæн дзурут,
дзул уæм кæй нæй, уый тыххæй? Ау, нырмæ
дæр æй нæма зонут æмæ не ’мбарут? Нырмæ
дæр уæ зæрдæтæ æхгæд сты? 18Цæстытæ
уыл куы ис, уæд нæ уынут? Хъустæ уыл куы
ис, уæд нæ хъусут? Уæ зæрдыл нал лæууы,
æви: 19Æз фондз дзулы фондз мин лæгыл
куы байуæрстон, уæд ма уæлдæйттæй цал
чыргъæды байдзаг кодтат?» Загътой Йын:
«Дыууадæс». 20«Цыппар мин лæгыл авд дзу-
лы куы байуæрстон, уæд та уæлдæйттæй
цал чыргъæды байдзаг кодтат?» Дзуапп Ын
радтой: «Авд». 21Уæд сын загъта: «Ау, ныр
дæр ма йæ не ’мбарут?»
22Бахæццæ сты Вифсаидæмæ. Йесомæ
æрбакодтой иу куырмы æмæ Дзы куырд-
той, цæмæй йыл андзæва. 23Йесо ныххæ-
цыди куырмы къухыл, ракодта йæ хъæуæй,
йæ цæстытыл ын батутæ кодта, Йæ къухтæ
йыл авæрдта æмæ йæ, исты уыны æви нæ,
уымæй бафарста. 24Уый акаст æмæ загъта:
«Уынын адæмы, цыма бæлæстæ змæлынц,
уыйау». 25Уæд та йын дыккаг хатт йæ цæс-
тытыл авæрдта Йæ къухтæ, куырм та ногæй
акаст æмæ уыйадыл адзæбæх ис, хорз уынын
райдыдта. 26Йесо йæ арвыста йæ хæдзармæ
æмæ йын ныффæдзæхста: «Хъæумæ ма бацу
[æмæ ацы хабар хъæуы макæмæн радзур]».
27Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ фæцæйцы-
ди Филиппы бæстæм, Кесарийы алфамбылай
хъæутæм. Æмæ сæ фæндагыл бафарста: «Цы
дзурынц адæм Мæн тыххæй? Кæуыл Мæ
нымайынц?» 28Уыдон Ын загътой: «Иутæ —
Аргъауæг Иоаннныл, иннæтæ — Илийайыл,
аннæтæ та — пехуымпартæй иуыл». 29Йесо
сæ бафарста: «Сымах та Мæ кæуыл ныма-
йут?» Петр Ын дзуапп радта: «Ды Чырысти
дæ». 30Уæд сын ныффæдзæхста, Мæн тыххæй
макæмæн дзурут, зæгъгæ.
31Æмæ сын райдыдта æмбарын кæнын:
Адæймаджы Фырт хъуамæ бирæ хъизæ-
мæрттæ бавзара, адæмы хистæртæ, алчертæ
æмæ динамонджытæй æфхæрд райса, стæй
йæ амарой æмæ æртыккаг бон райгас уа.
32Уыдæттæ сын дзырдта æргомæй. Уæд Æй
Петр иуварс акодта æмæ Йын уайдзæфтæ
кæнын райдыдта. 33Йесо разылди, бакаст
Йæ ахуыргæнинæгтæм æмæ Петрæн тызмæ-
гæй загъта: «Фесæф Мæ цурæй, сайтан! Дæ
хъуыдытæ, Хуыцауы фæндон цы у, уыл нæ,
фæлæ адæймаджы фæндоныл сты».
34Йесо фæдзырдта адæммæ æмæ Йæ ахуы-
ргæнинæгтæм, æмæ сын загъта: «Мæ фæ-
дыл цæуын кæй фæнды, уый йæхи ферох
кæнæд, райсæд йæ дзуар æмæ рацæуæд Мæ
фæдыл. 35Уымæн æмæ йæ цард бахъахъ-
хъæнын кæй фæнды, уый йæ фесафдзæн;
йæ цард Мæ сæраппонд æмæ Фарны Уацы
сæраппонд чи фесафа, уый та йæ бахъахъ-
хъæндзæн. 36Адæймаг дуне æгасæй дæр
йæхи куы бакæна, йæ уд та куы фесафа, уæд
ын уый цы пайда у? 37Кæнæ, йæ уд цæмæй

балхæна, ахæмæй йæм цы разындзæнис?
38Ацы æнæхуыцау тæригъæдджын фæлтæры
раз, Мæн кæй зоны æмæ мæ ныхæстыл Кæй
æуууæнды, уый æгад кæмæ фæкæса, уымæй
„мæ ахуыргæнинаг у“ зæгъын Адæймаджы
Фыртмæ дæр æгад фæкæсдзæн, Йæ Фыды
кадимæ куы ’рцæуа сыгъдæг зæдтимæ, уæд».

9 Загъта ма сын: «Æцæг цы у, уый уын зæ-
гъын: ам чи лæууы, уыдонæй иуæй-иутæ нæ
амæлдзысты, цалынмæ Хуыцауы Паддзахад
хъомысджынæй æрцæугæ феной, уæдмæ».
2Æхсæз боны фæстæ Йесо Йемæ рахуыдта
Петр, Йаков æмæ Иоанны, скодта сæ бæрзонд
хохмæ, æмæ уым уыдысты хибарæй. Сæ разы
Йæ хуыз аивта. 3Йæ дарæс сæрттывта æмæ
Йын митау урс-урсид фестади — зæххыл иу
адæймагæн дæр хъуымац афтæ сурс кæнын
йæ бон нæ бауыдзæн.
4Фæзындысты Илийа æмæ Моисей æмæ
ныхас кодтой Йесоимæ. 5Уæд Петр загъта
Йесойæн: «Равви, мæнæ нын цы хорз у ам!
Цæй æмæ ацы ран æртæ халагъуды скæнæм:
иу — Дæуæн, иу — Моисейæн, иу — Илийа-
йæн». 6Уымæн æмæ, цы загътаид, уый нæ
зыдта — афтæ тынг фæтарстысты.
7Уалынмæ фæзындис æврагъ, æрæмбæрз-
та сæ, æмæ æврагъæй райхъуысти: «Ай Мæ
уарзон Фырт у. Хъусут Æм». 8Æмæ æваст сæ
алыварс куы акастысты, уæд дзы Йесойы
йеддæмæ никæйуал федтой.
9Хохæй куы ’рцæйцыдысты, уæд сын Йесо
бафæдзæхста, цæмæй, цы федтой, уый, ца-
лынмæ Адæймаджы Фырт мæрдтæй райгас
уа, уæдмæ макæмæн радзурой. 10Йесойы
фæдзæхст сæ зæрдыл бадардтой, фæлæ кæ-
рæдзийы фарстой, «мæрдтæй райгас уæвын»
цы амоны, зæгъгæ. 11Æмæ Йæ бафарстой:
«Уæдæ динамонджытæ афтæ цæмæн дзу-
рынц, Чырыстийы размæ уал, дам, Илийа
хъуамæ æрцæуа?» 12Йесо сын дзуапп радта:
«Раст у, раздæр хъуамæ Илийа æрцæуа æмæ
æппæт дæр банывыл кæна. Сыгъдæг Фысты
уæдæ афтæ загъд цæмæн ис, Адæймаджы
Фырт хъуамæ бирæ удхæрттæ бавзара æмæ
хынджылæггаг суа, зæгъгæ? 13Фæлæ уын
зæгъын: Илийа дæр ныридæгæн æрцыдис,
æмæ сæ цы фæндыди, уый йын бакодтой,
фыст куыд ис, афтæ».
14Иннæ ахуыргæнинæгтæм куы æрыздæх-
тысты, уæд сын сæ алыварс æрæййæфтой
бирæ адæм, стæй динамонджыты — семæ
цæуылдæр быцæу кодтой. 15Адæм Йесойы
куы ауыдтой, уæд иууылдæр стыр дисы
бафтыдысты, Йæ размæ згъордтой æмæ
Йын салам лæвæрдтой. 16Йесо сæ бафарс-
та: «Цæуыл у уæ быцæу?» 17Адæмæй Йын
иу дзуапп радта: «Ахуыргæнæг, æз Дæм
æрбакодтон мæ фырты, æнæзæгъинаг æй
багомыг кодта. 18Кæм æй æрцахсы, уым æй
зæххыл ныццæвы, æмæ лæппуйæн йæ комы
фынк акæлы, йæ дæндæгты хъыс-хъыс ссæуы
æмæ фæсур вæййы. Дæ ахуыргæнинæгтæн
загътон, цæмæй дæлимоны расурой, фæ-
лæ сæ бон нæ баци». 19Йесо дзуапп радта:
«Æнæуырнæг фæлтæр! Цас ма уыдзынæн
уемæ? Кæдмæ ма уын быхсдзынæн? Æрба-
кæнут Мæм æй». 20Æмæ Йæм æй æрбакодтой.
Дæлимон куыддæр Йесойы ауыдта, афтæ
лæппуйы йæ гæндзæхтæ цæгъдыныл баф-
тыдта; лæппу зæххыл адæргъ ис æмæ, йæ
комы фынк калгæйæ, ратул-батул кодта.
21Уæд ын Йесо йæ фыды бафарста: «Рагæй
афтæ у?» Уый Йын дзуапп радта: «Йæ чысы-
лæй нырмæ. 22Дæлимон æй бирæ хæттыты
хъæвыди фесафынмæ: куы арты, куы та йæ
доны æппæрста. Фæлæ кæд Дæ бон исты
саразын у, уæд нын фæтæригъæд кæн æмæ
нын баххуыс кæн». 23Йесо йын загъта: «Кæд
Дæ бон у, зæгъыс? Чи æууæнды, уымæн йæ
бон алцыдæр у».
24Уæд лæппуйы фыд [цæссыгкалгæ] уыциу
хъæр фæкодта: «Уырны мæ! Кæд мæ уыр-
ныдзинад фидар нæу, уæд мын ыл бафтау».
25Йесо адæмы æрбацæйзгъоргæ куы федта,
уæд æнæзæгъинагæн карзæй загъта: «Æго-
мыг æмæ къуырма уд! Æз дын бардзырд
дæттын: рахиз дзы æмæ йæ мидæг макуы-
уал бацу». 26Уæд дæлимон ныцъцъæхахст
кодта, тынг ныууыгъта лæппуйы æмæ дзы
рацыди. Лæппу мардау фæцис, æмæ бирæтæ
фенхъæлдтой, удæгас нал у, зæгъгæ. 27Фæлæ
йын Йесо йæ къухыл ныххæцыд, рабадын æй
кодта, æмæ лæппу сыстади. 28Йесо хæдзармæ
куы бацыди, уæд Æй Йæ ахуыргæнинæгтæ
хибарæй бафарстой: «Дæлимоны расурын
мах бон цæуылнæ баци?» 29Йесо сын загъта:
«Адоны мыггагæн æрмæстдæр кувын æмæ
ком дарыны фæрцы ис фæсурæн».
30Рацыдысты уырдыгæй æмæ сæ фæндаг
акодтой Галилейыл. Йесойы нæ фæндыди,
цæмæй, уым кæй ис, уый исчи базона. 31Уы-
мæн æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæн æмбарын
кодта æмæ сын дзырдта: «Адæймаджы Фыр-
ты ратдзысты адæмы къухтæм, амардзысты
Йæ, æмæ æртыккаг бон райгас уыдзæн».
32Фæлæ Йын уыдон нæ бамбæрстой Йæ ны-
хæстæ, бафæрсын та Йæ нæ уæндыдысты.
33Æрцыдысты Капернауммæ. Хæдза-
ры куы уыдысты, уæд сæ Йесо бафарста:

«Фæндагыл та цæуыл дзырдтат?» 34 Уыдон
ныхъхъус сты, уымæн æмæ фæндагыл фæ-
быцæу сты, уæлдæр сæ чи у, уый фæдыл.
35 Уæд Йесо æрбадти, дыууадæсмæ дæр фæ-
дзырдта æмæ сын загъта: «Фыццаг уæвын
кæй фæнды, уый уæд æппæты фæстаг æмæ
лæггад кæнæд алкæмæн дæр». 36 Стæй сын сæ
размæ æрбахуыдта сывæллоны, æрбахъæбыс
æй кодта æмæ сын загъта: 37 «Ахæм сабитæй
иуы дæр Мæн тыххæй чи суазæг кæна, уый
Мæн суазæг кæндзæн; Мæн чи суазæг кæна,
уый та — Мæ Рарвитæджы».
38 Уæд Ын Иоанн афтæ зæгъы: «Ахуыргæ-
нæг, мах федтам, Дæ номæй дæлимонты чи
суры, иу ахæм адæймаджы æмæ йын карзæй
загътам, цæмæй афтæ мауал кæна, уымæн
æмæ уый махæй нæу». 39 Йесо йын дзуапп
радта: «Ма йæ хъыгдарут. Мæ номæй диссаг
чи равдиса, уый æваст Мæ фыдгой кæнынмæ
нæ фæуыдзæн. 40 Нæ ныхмæ чи нæу, уый нæ
фарс у. 41 Чырыстийы кæй стут, уый тыххæй
уын доны къус чи бадæтта, уый, æцæг цы
у, уый уын зæгъын, æнæ хæрзиуæгæй нæ
баззайдзæн.
42 Фæлæ ацы кæстæртæй — Мæныл æу-
уæндджытæй — иуы дæр тæригъæды чи
баппара, уымæн йæ бæрзæйыл куыройы фыд
куы æрцауындзиккой æмæ йæ денджызмæ
куы баппариккой, уæд ын хуыздæр уаид.
43 Дæ къух дæ рæдийын кæны, — ралыг æй
кæн: хуыздæр дын у уæнгхъуагæй цæрын,
цæйнæфæлтау дыууæ къухимæ зындоны
æнæхуысгæ арты бахауай. 44 [Уым сæ къуы-
дыргалм нæ мæлы, æмæ дзы арт нæ хуыссы.]
45 Дæ къах дæ рæдийын кæны, — ралыг æй
кæн: хуыздæр дын у уæнгхъуагæй цæрын,
цæйнæфæлтау дыууæ къахимæ зындонмæ
бахауай. 46 [Уым сæ къуыдыргалм нæ мæлы,
æмæ дзы арт нæ хуыссы.]
47 Дæ цæст дæ куы рæдийын кæна, уæд æй
фелвас: хуыздæр дын у иу цæстимæ Хуыца-
уы Паддзахадмæ бацæуын, цæйнæфæлтау
дыууæ цæстимæ зындоны арты бахауай.
48 [Уым сæ къуыдыргалм нæ мæлы, æмæ дзы
арт нæ хуыссы.]
49 Уымæн æмæ, Хуыцауæн хаст нывонд
цæххæй куыд ссыгъдæг кæнынц, афтæ алчи-
дæр арты фæрцы сыгъдæггонд æрцæудзæни.
50 Цæхх хорз у, фæлæ йæ тых куы фесæфа,
уæд ма йæ цæмæй сцæхджын кæндзынæ?
Æдзæхх ма ут æмæ кæрæдзиимæ хæларæй
цæрут».

**10** Уырдыгæй Йесо ацыд Иудейы зæхмæ
æмæ Иорданы фаллаг фарсмæ ахызти. Адæм
та Йыл ногæй æрæмбырд сты, æмæ та сын
иннæ хаттытау амыдта. 2 Бацыдысты Йæм
фарисейтæ æмæ Йæ бафæлварыны охыл ба-
фарстой: «Лæгæн йæ усы ауадзын æмбæлы?»
3 Йесо сын дзуапп радта: «Моисей уын цы
бафæдзæхста?» 4 Уыдон загътой: «Моисей
бар радта лæгæн йæ усы ауадзын, æрмæст
ын ахицæны гæххæтт ныффыссæд». 5 Йесо
сын загъта: «Моисей уын ахæм фæдзæхст,
хивæнд кæй стут, уый тыххæй радта. 6 Фæлæ
райдианы Хуыцау „сфæлдыста нæлгоймаг
æмæ сылгоймаджы“. 7 „Уымæ гæсгæ адæй-
маг ныуудздзæни йæ фыд æмæ йæ мады,
8 баиу уыдзæн йæ усимæ, æмæ суыдзысты
иу буар“. Афтæмæй уыдон уыдзысты дыууæ
нæ, фæлæ иу буар. 9 Уæдæ Хуыцау цы баиу
кодта, уый адæймаг ма фæхицæн кæнæд».
10 Хæдзары та Йæ ахуыргæнинæгтæ ногæй
бафарстой уый тыххæй. 11 Йесо сын загъта:
«Йæ усæй чи ахицæн уа æмæ æндæр ус чи
ракура, уый хæтгæ кæны æмæ уымæй йæ
фыццаг усы тæригъæды цæуы. 12 Сылгоймаг
куы ахицæн уа æмæ æндæрмæ куы смой
кæна, уæд уый дæр хæтгæ кæны».
13 Йесомæ адæм сæ сывæллæтты хастой,
цæмæй сыл андзæва, фæлæ сæ Йæ ахуыргæ-
нинæгтæ нæ уагътой. 14 Йесо уый куы федта,
уæд смæсты ис æмæ сын загъта: «Уадз æмæ
Мæм сабитæ цæуой, ма сæ хъыгдарут, уы-
мæн æмæ уыцы сывæллæтты хуызæн чи у,
Хуыцауы Паддзахад уыдоны у. 15 Æцæг цы
у, уый уын зæгъын: Хуыцауы Паддзахадыл
сывæллонау чи нæ бауæнда, уый йæм нæ
бацæудзæн». 16 Æмæ сабиты Йæ хъæбысы
æрбатыхта, Йæ къухтæ сыл авæрдта æмæ
сын раарфæ кодта.
17 Йесо Йæ фæндагыл дарддæр куы араст,
уæд ма Йæм иу чидæр æрбазгъордта. Йæ ра-
зы йæ зонгуытыл æрхауд æмæ Йæ бафарста:
«Хорз Ахуыргæнæг, мыггагмæйы цард рай-
сынæн цы саразон?» 18 Йесо йын дзуапп рад-
та: «Цæмæн Мæ хоныс хорз? Иунæг Хуыцауы
йеддæмæ хорз ничи у. 19 Йæ фæдзæхстытæ
Йын зоныс: „Ма амар“, „Ма хæт“, „Ма дав“,
„Мæнгæвдисæн ма ныллæуу“, „Ма сай“, „Ны-
май дæ фыд æмæ дæ мады“». 20 Уый Йесойæн
загъта: «Ахуыргæнæг, æппæт уыдæттæ ме
’взонджы бонтæй æххæст кæнын». 21 Йесо
йæм бакасти, Йæ зæрдæйæн фæадджын
ис, æмæ йын загъта: «Иу хъуыддаг ма дын
нæ фаг кæны: ацу æмæ дæм цыдæриддæр
ис, уый ауæй кæн, де ’хца мæгуыртыл ба-
йуар, æмæ дын уæлæрвты уыдзæни хæзна.
Стæй-иу раздæх æмæ цу Мæ фæдыл». 22 Уыцы
ныхæстæ фехъусгæйæ, уый хорзау нал фæци

æмæ æнкъардæй ацыд, уымæн æмæ йæм
бирæ мулк уыди.
23Йесо йæ алыварс акаст æмæ Йæ ахуыр-
гæнинæгтæн загъта: «Æвæдза, куыд зын у
бонджынтæн Хуыцауы Паддзахадмæ ба-
цæуын!» 24Йæ ныхæстæ ахуыргæнинæгты
дисы бафтыдтой. Фæлæ сын Йесо ногæй
загъта: «Мæ хъæбултæ, æвæдза, [мулкæй
ныфс кæй ис, уымæн] куыд зын у Хуыцауы
Паддзахадмæ бацæуын! 25Хъæздыгæн Ху-
ыцауы Паддзахадмæ бацæуынæй теуайæн
судзины быныл ахизын æнцондæр у». 26Аху-
ыргæнинæгтæм уый тынг диссаг фæкаст,
æмæ сæ кæрæдзийæн дзырдтой: «Уæдæ чи
фервæздзæн?» 27Йесо сæм бакаст æмæ загъта:
«Уый адæймаджы бон нæу, фæлæ Хуыца-
уæн бантысдзæн, уымæн æмæ Хуыцауæн
алцыдæр у Йæ бон».
28Уæд Ын Петр райдыдта дзурын: «Мæнæ
мах ныууагътам æппæт дæр æмæ рацыдыс-
тæм Дæ фæдыл». 29Йесо сын дзуапп радта:
«Æцæг цы у, уый уын зæгъын: Мæ сæраппонд
æмæ Фарны Уацы сæраппонд йæ хæдзар, йе
’фсымæрты, йæ хоты, йæ мад, йæ фыды, [йæ
усы] йæ сывæллæтты кæнæ йæ зæххытæ
чи ныууадза, уыдонæй иу дæр ахæм нæй,
30æмæ, кæд æфхæрд æййафдзæн, уæддæр
ныридæгæн, ацы заманы, фондзыссæдз
хатты фылдæр чи нæ райса хæдзæрттæ, æф-
сымæртæ, хотæ, мадæлтæ, сывæллæттæ
æмæ зæххытæ, фидæны та — мыггагмæйы
цард. 31Фæлæ фыццæгтæй бирæтæ уыдзысты
фæстæгтæ, фæстæгтæй та — фыццæгтæ».
32Йесо æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæ сæ фæн-
даг дардтой Йерусалиммæ. Йесо цыди разæй,
æмæ Йыл Йæ ахуыргæнинæгтæ дис кодтой,
Йæ фæдыл цæуæг адæмы та тас бацыди. Йесо
фæхибар кодта дыууадæсы æмæ сын ногæй
райдыдта дзурын, цы Йыл æрцæудзæн, уый
тыххæй: 33«Ныр мах цæуæм Йерусалиммæ,
æмæ Адæймаджы Фырт лæвæрд æрцæу-
дзæн алчертæ æмæ динамонджытæм, æмæ
Йын уыдон марыны тæрхон рахæсдзысты,
стæй Йæ муртаттæгты къухтæм ратдзысты.
34Уыдон Ын алы æфхæрæн митæ кæндзысты,
ехсæй Йæ нæмдзысты, тутæ Йыл кæндзыс-
ты æмæ Йæ амардзысты. Фæлæ æртæ боны
фæстæ райгас уыдзæн».
35Йесомæ бацыдысты Зеведейы фырттæ
Йаков æмæ Иоанн æмæ Йын загътой: «Аху-
ыргæнæг, фæнды нæ, цæмæй нын нæ кур-
диат сæххæст кæнай». 36Йесо сæ бафарста:
«Зæгъут-ма, цы уæ хъæуы, цы уын саразон?»
37Уыдон Ын дзуапп радтой: «Дæ кады афон
куы ралæууа, уæд нæ иуы сбадын кæн Дæ
рахизфарс, иннæйы та — Дæ галиуфарс».
38Йесо сын загъта: «Цы курут, уый уæхæ-
дæг дæр не ’мбарут. Æз цы хъизæмæртты
кæхцæй нуазын, уый бануазын кæнæ, Æз
Мæхимæ кæй исын, ахæм аргъуыд райсын уæ
бон бауыдзæн?» 39Уыдон Ын дзуапп радтой:
«Бауыдзæн». Æмæ сын уæд Йесо загъта: «Æз
цы хъизæмæртты кæхцæй нуазын, уымæй
нуаздзыстут æмæ уыл саргъуыдæуыдзæн,
Æз кæй райсдзынæн, ахæм аргъуыдæй. 40Мæ
рахизфарс æмæ Мæ галиуфарс чи æрбад-
дзæн, уый та Мæнæй аразгæ нæу — уыцы
бынæттæ кæмæн æрцæттæ чындæуыд, уы-
дон дзы сбаддзысты».
41Иннæ дæс ахуыргæнинаджы уый куы
фехъуыстой, уæд Йаков æмæ Иоаннмæ смæс-
ты сты. 42Йесо фæдзырдта се ’ппæтмæ дæр
æмæ сын загъта: «Сымах зонут, æлдæрттæ
кæй хонынц, уыдон адæмтыл хицауиуæг
кæй кæнынц æмæ хицæуттæн адæмтыл
сæ бар кæй цæуы, уый. 43Сымахмæ та аф-
тæ ма уæд. Уæлдæр уæвын уæ кæй фæнды,
уый иннæтæн уæд лæггадгæнæг; 44фыццаг
уæвын уæ кæй фæнды, уый уе ’ппæтæн дæр
уæд цагъар. 45Адæймаджы Фырт дæр уый
тыххæй не ’рцыд, æмæ Йын лæггад кæной.
Уый æрцыди, цæмæй Йæхæдæг балæггад
кæна æмæ бирæты сæрибары сæраппонд
ратта Йæ цард».
46Æрхæццæ сты Йерихонмæ. Йæ ахуыр-
гæнинæгтæ æмæ бирæ адæмимæ уырды-
гæй куы рацæйцыди, уæд иу куырм лæг,
мæгуыргур Вартимей, Тимейы фырт, бадти
фæндаггæрон. 47Йæ рæзты Назаретаг Йесо
фæцæуы, уый куы фехъуыста, уæд хъæр сис-
та: «Йесо, Давиды Фырт, батæригъæд мын
кæн!» 48Бирæтæ архайдтой, цæмæй ныхъхъус
уа, уыл, фæлæ уый ноджы тынгдæр хъæр
кодта: «Давиды Фырт, батæригъæд мын
кæн!» 49Йесо æрлæууыд æмæ загъта: «Фæ-
дзурут æм». Куырм лæгмæ фæдзырдтой æмæ
йын загътой: «Ма тæрс, сыст, дзуры дæм!»
50Уый йæ пæлæз феппæрста, фæгæпп кодта
æмæ Йесомæ базгъордта. 51Йесо йæ бафарс-
та: «Цы дæ фæнды? Цæмæй дын баххуыс
кæнон?» Куырм Ын дзуапп радта: «Раввуни,
мæн фæнды, цæмæй мæ цæстытæй ракæсон».
52Йесо йын загъта: «Ацу, дæ уырныдзинад
дæ фервæзын кодта». Куырм уыцы сахат
цæстæй ракаст æмæ Йесойы фæдыл ацыди.

**11** Йерусалиммæ сæ бирæ нал хъуыд. Еле-
оны хохы фахсыл Виффаги æмæ Вифанимæ
куы фæцæйхæццæ кодтой, уæд Йесо фæ-
дзырдта Йæ ахуыргæнинæгтæй дыууæмæ

2æмæ сын загъта: «Ацæут, уартæ нæ ныхмæ
цы хъæу ис, уырдæм. Куыддæр хъæумæ
бацæуат, афтæ дзы ссардзыстут, адæймаг
кæуыл нæма бадти, ахæм къæлæу бастæй.
Суадзут æй æмæ йæ ардæм ракæнут. 3Исчи
уæ куы фæрса: „Уый цы ми кæнут?“, уæд-иу
ын дзуапп раттут: „Бардарæджы хъæуы,
рæхджы йæ рарвитдзæн фæстæмæ“». 4Аху-
ыргæнинæгтæ ацыдысты, æмæ иу уынджы,
кулдуарыл бастæй, ссардтой къæлæуы, æмæ
йæ суагътой. 5Уым чи лæууыди, уыдонæй
сын чидæртæ загътой: «Цы ми кæнут? Къæ-
лæуы цæмæн уæгъд кæнут?» 6Ахуыргæни-
нæгтæ сын, Йесо сын куыд бафæдзæхста,
афтæ дзуапп радтой, æмæ сын уæд уыдон
дæр ницыуал загътой.

7Æркодтой къæлæуы Йесомæ, сæвæрдтой
йыл сæ дарæс, æмæ йыл Йесо сбадти. 8Адæ-
мæй бирæтæ фæндагыл айтыдтой сæ дарæс,
иннæтæ та — быдыртæй кæй æрбахастой,
уыцы къалиутæ. 9Йесойæн Йæ разæй æмæ
Йæ фæстæ чи цыди, уыдон хъæр кодтой:

«Осаннæ!
Арфæгонд уæд Хуыцауы номæй
Æрцæуæг!
10 Арфæгонд уæд
нæ фыдæл Давиды æрцæуинаг
Паддзахад!
Осаннæ уæлæрвты!»

11Йесо Йерусалиммæ куы бахæццæ ис, уæд
бацыди Кувæндонмæ, алцæмæ дæр лæмбы-
нæг æркасти æмæ, æнафон кæй уыд, уымæ
гæсгæ Йæ дыууадæс ахуыргæнинагимæ
Вифанимæ ацыди.

12Дыккаг бон Вифанийæ куы рацыдысты,
уæд Йесо сыстонг ис. 13Дардæй ауыдта, сыф-
тæр чи рафтыдта, ахæм легъуи бæлас æмæ
йæм бацыди, кæд ыл исты уаид, зæгъгæ.
Фæлæ йæм куы бахæстæг ис, уæд ыл сыф-
тæртæ йеддæмæ ницы ссардта, уымæн æмæ
йын дыргъафон нæма уыд. 14Уæд ын Йесо
загъта: «Нырæй фæстæмæ дын дæ дыргъæй
мыггагмæ дæр мачиуал бахæрæд». Æмæ уый
фехъуыстой Йæ ахуыргæнинæгтæ.

15Бахæццæ сты Йерусалиммæ. Йесо Ку-
вæндоны кæртмæ бацыд æмæ — уæйгæнæ-
гæй, æлхæнæгæй — се ’ппæты дæр тæрын
райдыдта, æхцаивджытæн афæлдæхта сæ
фынгтæ, бæлонуæйгæнджытæн — сæ бан-
дæттæ. 16Стæй Кувæндоны кæрты уылты
никæй уагъта исты дзаума хæссын. 17Амыд-
та сын: «Афтæ фыст нæу, æви: „Мæ Хæдзар
Мын æппæт адæмтæн кувæн хæдзар схон-
дзысты“? Сымах та дзы абырджыты лæгæт
сарæзтат». 18Алчертæ æмæ динамонджытæ
уый фехъуыстой æмæ агуырдтой Йæ амары-
ны фадат. Уымæн æмæ Йæ ахуырад æппæт
адæмы дисы æфтыдта, æмæ Дзы тарстысты.
19Куы баизæр ис, уæд Йесо Йæ ахуыргæни-
нæгтимæ сахарæй рацыди.

20Дыккаг бон та райсомæй легъуи бæласы
цурты фæцæйцыдысты æмæ федтой, бæлас
суанг йæ уидæгтæм кæй бахус ис, уый. 21Пет-
рæн йæ зæрдыл æрлæууыди зноны хабар
æмæ Йесомæ дзуры: «Равви, акæс-ма, Ды
кæй ралгъыстай, уыцы легъуи бæлас бахус
ис!» 22Йесо сын загъта: 23«Æууæндут Хуы-
цауыл. Æцæг цы у, уый уын зæгъын: исчи
мæнæ ацы хохæн афтæ куы зæгъа, зæххæй
фæхицæн у æмæ денджызы дæхи баппар,
зæгъгæ, æмæ, афтæ кæй уыдзæн, ууыл ды-
зæрдыг куынæ кæна, фæлæ, йæ ныхæстæ
æрцæудзысты, уый йæ фидарæй куы уырна,
уæд, куыд зæгъа, афтæ уыдзæни. 24Уымæ
гæсгæ уын зæгъын: уæ куывды цы курат,
уый ныридæгæн кæй райстат, ууыл æууæн-
дут æмæ йæ уæд æнæмæнгæй райсдзыстут.
25Стæй, кувгæйæ, Хуыцауы раз куы лæууат,
уæ зæрдæйы та искæмæ маст куы хæссат,
уæд-иу ын ныббарут, æмæ уын уæ Уæлар-
вон Фыд дæр ныббардзæни уæ тæригъæдтæ.
26[Кæд нæ барут, уæд уын уæ Уæларвон Фыд
дæр нæ ныббардзæни уæ тæригъæдтæ.]»

27Йесо та Йæ ахуыргæнинæгтимæ æр-
баздæхти Йерусалиммæ. Кувæндоныл куы
зылди, уæд Æм алчертæ, динамонджытæ
æмæ адæмы хистæртæ бацыдысты 28æмæ
Йæ бафарстой: «Ды ацы хъуыддæгтæ цавæр
хъаруйæ кæныс? Афтæ кæныны бар Дын чи
радта?» 29Йесо сын загъта: «Æз дæр уæ иу
цæмæйдæр бафæрсдзынæн. Дзуапп Мын
раттут, æмæ уын уæд Æз дæр зæгъдзынæн,
цавæр хъаруйæ сæ кæнын, уый. 30Зæгъут-ма
мын, Иоанн цы аргъуыдæй аргъуыдта, уый
йын кæмæй лæвæрд уыд: уæларвæй æви
адæмæй?». 31Уыдон кæрæдзийæн дзырдтой:
«Афтæ куы зæгъæм: „Уæларвæй“, уæд нæ
бафæрсдзæн: „Уæдæ цæуылнæ бауæнды-
дыстут Иоанныл?“» 32«Адæмæй» зæгъын та
тарстысты адæмæй, уымæн æмæ се ’ппæты
дæр уырныдта, Иоанн æцæгæйдæр пеху-
ымпар кæй уыд, уый. 33Æмæ дзуапп радтой
Йесойæн: «Нæ йæ зонæм». Уæд сын Йесо
дæр загъта: «Уæдæ уын Æз дæр нæ зæгъ-
дзынæн, ацы хъуыддæгтæ цавæр хъаруйæ
кæнын, уый».

**12** Йесо адæмæн райдыдта фæсномыгæй
дзурын: «Иу лæг сæндон скодта. Йæ алыварс
ын сарæзта æмбонд, сæндуцæн дзы скъахта,

хъахъхъæнæн мæсыг дзы самадта, стæй
кусджытæ баххуырста æмæ йæ уыдоны бар
бакодта, йæхæдæг балцы ацыди. [2]Афон куы
ралæууыд, уæд æххуырст кусджытæм йæ
цагъары арвыста — сæндонæй йæ тыллæг
райсынмæ. [3]Фæлæ йæ уыдон æрцахстой,
фæнадтой йæ æмæ йæ афтидармæй арвыс-
той. [4]Йæ иннæ цагъары сæм арвыста, фæлæ
йæ сæрыскъуыд фæкодтой æмæ йæ æгады
тард ракодтой. [5]Æндæры дæр сæм арвыс-
та, æмæ уый та маргæ акодтой. Ноджы ма
сæм бирæты фервыста, æмæ уыдонæй дæр
кæй нæмгæ кодтой, кæй — маргæ. [6]Иунæг
æмæ уарзон фырт ма йын баззади, æмæ
сæм æппынфæстаг уый дæр арвыста, мæ
фыртæй мын уæддæр фефсæрмы уыдзыс-
ты, зæгъгæ. [7]Фæлæ æххуырст кусджытæ сæ
кæрæдзийæн загътой: „Уый йæ бындар у.
Амарæм æй, æмæ йæ бынтæ мах бауыдзыс-
ты“. [8]Уыйадыл æй æрцахстой, амардтой йæ
æмæ йын йæ мард сæндонæй раппæрстой.
[9]Уæдæ ныр сæндоны хицау цы сараздзæн?
Æрцæудзæн æмæ уыцы кусджыты амарын
кæндзæн, сæндон та ратдзæнис æндæртæм.
[10]Ау, Сыгъдæг Фысты нæ бакастыстут, æви:
„Аразджытæ цы дурыл нæ барвæссыдысты,
уый сси фисыны сæйраг дур. [11]Уый Хуыцау
сарæзта, æмæ уыцы диссаг мах нæ цæстæй
уынæм“?» [12]Йесо æмбисонд уыдоны тыххæй
кæй æрхаста, уый бамбæрстой æмæ Йæ хъа-
выдысты æрцахсынмæ, фæлæ адæмæй нæ
бауæндыдысты. Уымæ гæсгæ Йæ ныууагътой
æмæ ацыдысты.

[13]Æмæ Йæм фарисейтæй æмæ Ироды фарс-
хæцджытæй кæйдæрты барвыстой, цæмæй
Йæ исты амалæй ракъахой æмæ Йын Йæ
ныхæстæ Йæхи ныхмæ фæкæной. [14]Уыдон
Æм бацыдысты æмæ Йын загътой: «Аху-
ыргæнæг, мах зонæм, Ды раст кæй дæ æмæ
искæй зæрдæ балхæныныл кæй нæ архайыс,
уымæн æмæ никæй хъулон кæныс, фæлæ
æцæгады фæткмæ гæсгæ амоныс Хуыцауы
фæндаг. Кесæрæн хъалон фидын æмбæлы
æви нæ? Фидæм ын æви йын ма фидæм?»
[15]Йесо сын зыдта сæ дыдзæсгомдзинад æмæ
загъта: «Цы Мæ фæлварут? Рахæссут-ма
Мæм динар, æмæ йæм æркæсон». [16]Æрба-
хастой Йæм динар, æмæ сæ Уый бафарста:
«Кæй ныв æмæ йыл кæй ном ис?» Уыдон Ын
дзуапп радтой: «Кесæры». [17]Йесо сын загъта:
«Уæдæ кесæры цы у, уый дæттут кесæрæн,
Хуыцауы цы у, уый та — Хуыцауæн». Æмæ
Йыл дис кодтой.

[18]Уæд Йесомæ бацыдысты саддукейтæ (уы-
дон дзурынц, мæрдтæ нæ райгас уыдзысты,
зæгъгæ) æмæ Йæ бафарстой: [19]«Ахуыргæнæг,
Моисей ныффыста: „Искæмæн йæ усджын
æфсымæр куы амæла æмæ йын зæнæг куы-
нæ баззайа, уæд ын уый хъуамæ йæ идæдзы
ракура æмæ дзы йе ’фсымæры номыл цот
рауадза“. [20]Уыдис авд æфсымæры. Хистæр
æрхаста ус æмæ æнæзæнæгæй амарди. [21]Ра-
куырдта йæ дыккаг æфсымæр æмæ уый дæр
амарди, йæ фæстæ зæнæг нæ ныууагъта, аф-
тæмæй. Афтæ рауад йæ хабар æртыккагæн
дæр. [22]Авдæй йæ куыд хистæрæй куырдтой,
фæлæ дзы зæнæг ничи ныууагъта. Се ’ппæ-
ты фæстæ сылгоймаг дæр амарди. [23]Ныр
мæрдтæ куы райгас уой, уæд сæ кæцыйы ус
уыдзæн? Сæ авды бинойнаг дæр куы уыд».
[24]Йесо сын дзуапп радта: «Нæдæр Сыгъдæг
Фыст, нæдæр Хуыцауы тых кæй нæ зонут, уый
уæ нæ рæдийын кæны, æви? [25]Мæрдты райга-
сы фæстæ адæм нæдæр ус курдзысты, нæдæр
мой кæндзысты, фæлæ уыдзысты уæларвон
зæдты æнгæс. [26]Мæрдтæ кæй райгас уыдзыс-
ты, уый тыххæй та Моисейы чиныджы нæ
бакастыстут, Хуыцау æм сындзы къутæрæй
куыд радзырдта: „Æз дæн Авраамы Хуыцау,
Исаакы Хуыцау æмæ Йаковы Хуыцау“? [27]Ху-
ыцау мæрдты Хуыцау нæу, удæгæсты Хуыцау
у. Уæдæ сымах тынг рæдийут».

[28]Динамонджытæй сын иу хъуыста сæ
быцæумæ æмæ, куыд хорз дзуапп сын лæ-
вæрдта, уый фиппайгæйæ, Йесомæ бацыд
æмæ Йæ бафарста: «Фæдзæхстытæй кæцы
у сæйрагдæр?»

[29]Йесо йын дзуапп радта: «Æппæты сæй-
рагдæр у мæнæ ацы фæдзæхст: „Байхъус,
Израил! Нæ Дунедарæг Хуыцауы йеддæмæ
æндæр хуыцау нæй. [30]Æмæ уарз дæ Бар-
дарæг Хуыцауы æппæт зæрдæйæ, æппæт
удæй, æппæт зондæй æмæ æппæт хъару-
йæ“. [31]Дыккаг ахсджиаг фæдзæхст та ахæм
у: „Дæхи куыд уарзыс, дæ хионы дæр афтæ
уарз“. Адонæй ахсджиагдæр фæдзæхстытæ
нæй». [32]Динамонæг Ын загъта: «Раст дзурыс,
Ахуыргæнæг. Хуыцау иу кæй у æмæ æндæр
Хуыцау кæй нæй, уымæй раст дæ. [33]Æмæ
„Йæ æппæт зæрдæйæ, æппæт зондæй, æппæт
хъаруйæ уарзын“, стæй, „дæхи куыд уарзыс,
дæ хионы дæр афтæ уарзын“ — уый æппæт
иууылсудзинаг æмæ æппæт иннæ нывæнд-
тæй ахсджиагдæр у».

[34]Йесо дзы æмбаргæ адæймаджы дзуапп
куы фехъуыста, уæд ын загъта: «Хуыцауы
Паддзахадæй дард нæ дæ». Уый фæстæ Йе-
сойы бафæрсынмæ йæ ныфс ничиуал хаста.

[35]Йесо дарддæр адæмы ахуыр кодта Ку-
вæндоны æмæ сæ фарста: «Динамонджытæ

Чырыстийæ, Давиды байзæддаг у, зæгъ-
гæ, куыд дзурынц? 36Давид йæхæдæг афтæ
куы дзырдта, Сыгъдæг Удæй разæнгардæй:
„Дунедарæг загъта мæ Бардарæгæн: сбад
Мæ рахизфарс, æмæ Дын Æз Де знæгты Дæ
къæхты бын æрæвæрдзынæн“. 37Уæдæ Йæ
кæд Давид йæ Бардарæг хоны, уæд Уый йæ
байзæддаг куыд у?»

Бирæ адæм Йесомæ зæрдиагæй хъуыстой.
38Æмæ сæ Йесо ахуыр кодта: «Уæхи хизут
динамонджытæй. Уыдон уарзынц даргъ да-
рæсты цæуын æмæ сахарты фæзты адæмы
арфæтæм хъусын; 39уарзынц синагогæты
раззаг бынæтты æмæ минасы фынгыл уæле
бадын; 40уыдон хæрынц идæдзты хæдзæрт-
тæ, цæстмæ кувынц бирæ. Ахæмтæ карз
æфхæрд баййафдзысты».

41Йесо æрбадти Кувæндоны хæзнадоны
бакомкоммæ æмæ кастис, адæм дзы æхца
куыд æвæрынц, уымæ. Хъæздгуытæй би-
рæтæ æвæрдтой бирæ æхца. 42Иу мæгуыр
идæдз ус бацыд æмæ дзы дыууæ лептæйы —
иу кодрант — нывæрдта. 43Йесо фæдзырдта
Йæ ахуыргæнинæгтæм æмæ сын загъта:
«Æцæг цы у, уый уын зæгъын: уæртæ уыцы
мæгуыр идæдз ус се 'ппæтæй фылдæр ны-
вæрдта хæзнадоны. 44Иннætæ иууылдæр
хай æвæрдтой сæ исбоны уæлдайæ, уыцы
мæгуыр сылгоймаг та нывæрдта, цыдæрид-
дæр æм уыдис, уый — йæ хойраджы аргъ».

**13** Йесо Кувæндонæй куы рацæйцыд, уæд
Ын Йæ ахуыргæнинæгтæй иу загъта: «Аху-
ыргæнæг, акæс-ма ацы дуртæ æмæ ацы бæс-
тыхæйттæм!» 2Йесо йын дзуапп радта: «Ацы
стыр бæстыхæйттæ уыныс? Уыдон афтæ
ныппырх уыдзысты, æмæ дзы дур дурыл
нал баззайдзæн».

3Йесо Елеоны хохыл Кувæндоны баком-
коммæ куы бадти, уæд Æй Петр, Йаков,
Иоанн æмæ Андрей хибарæй бафарстой:
4«Зæгъ-ма нын, уый кæд уыдзæн æмæ æппæт
уыдæттæн се 'рцыды афон цæмæй бæрæг
уыдзæнис?»

5Йесо сын райдыдта дзурын: «Уæхи хъахъ-
хъæнут, цæмæй уæ мачи фæсайа. 6Уымæн
æмæ Мæ номæй бирæтæ æрцæудзысты æмæ
дзурдзысты: „Æз Чырысти дæн“, æмæ би-
рæты фæсайдзысты. 7Хæстæг æмæ дард
хæстыты кой куы фехъусат, уæд-иу ма фæ-
тæрсут — æппæт уыдæттæн æнæ æрцæугæ
нæй, фæлæ уый нырма кæрон нæ уыдзæни.
8Иу адæм сыстдзæнис иннæйы ныхмæ
æмæ паддзахад — паддзахады ныхмæ, ра-
нæй-рæтты уыдзæни зæххæнкъуыстытæ,
стонг заман скæндзæнис. Æппæт уыдæттæ,
сылгоймаг аргæ-арын цы хъизæмæрттæ
æвзары, уый æнгæс сты.

9Фæлæ сымах уæхи цæттæ дарут: сина-
гогæты уын тæрхон кæндзысты æмæ уæ
уым нæмдзысты; æвдисæн Мын лæудзыстут
хицæуттæ æмæ паддзæхты раз. 10Фæлæ уал
уыдæтты размæ æппæт адæмтæм хъуамæ
фæхæццæ уа Фарны Уац. 11Тæрхонмæ уæ
куы кæной, уæд-иу, цы зæгъдзыстут, уыл
рагацау ма тыхсут — дзурут-иу, тæккæ уы-
цы уысм уын цы рардæуа, уый, уымæн æмæ
уæхæдæг нæ, фæлæ Сыгъдæг Уд дзурдзæни
уæ дзыхæй. 12Æфсымæр æфсымæры ратдзæн
мæлæтмæ, фыд — йæ хъæбулты; цот рацæу-
дзысты сæ ныййарджыты ныхмæ æмæ сæ
амардзысты. 13Мæн тыххæй алкæмæн дæр
æнæуынон суыдзыстут, фæлæ, кæронмæ чи
бафæраза, уый фервæздзæн.

14Кæм не 'мбæлы, уым „æлгъаг зауыат“ куы
фенат (ацы ныхæстæ чи кæсы, уый сæ йæхæ-
дæг бамбарæд), уæд, Иудейы чи уа, уыдон
лидзæнт хæхтæм. 15Уæлхæдзар чи уа, уый
уырдыгæй йæ хæдзармæ исты рахæссынмæ
мауал æрхизæд; 16быдыры чи уа, уый дæр
хæдзармæ йæ дарæс рахæссынмæ мауал
баздæхæд. 17Мæгуыры бон акæндзæни уыцы
бонты сывæрджын æмæ дзидзидарæг сыл-
гоймæгтыл! 18Кувут, цæмæй уæ зымæджы
ма бахъæуа лидзын. 19Уымæн æмæ уыцы
бонты æрцæудзæн, дунесфæлдыстæй нырмæ
чи нæма æрцыд æмæ нырæй фæстæмæ дæр
чи нал æрцæудзæн, ахæм æвирхъау бæллæх.
20Æмæ Бардарæг уыцы бонтæ куы нæ фæ-
къаддæр кодтаид, уæд удæгасæй ничиуал
баззадаид. Фæлæ Йе 'взæрст адæмы — Йæ-
хæдæг кæй равзæрста, уыдоны сæраппонд
сæ фæкъаддæр кодта.

21Уæд уын исчи афтæ куы зæгъа: „Мæнæ
ам ис Чырысти“ кæнæ: „Уæртæ уым ис“, — ма
уæ бауырнæд. 22Уымæн æмæ фæзындзысты
мæнгчырыститæ æмæ мæнгпехуымпартæ,
равдисдзысты æвдисæйнæгтæ æмæ диссæг-
тæ, цæмæй гæнæн æмæ амалæй æвзæрстыты
дæр асайой. 23Уæхи хизут — æппæт уыдæттæ
уын Æз рагацау зæгъын.

24Уæд, уыцы бæллæхты фæстæ, „хур аны-
гуылдзæн æмæ мæй нал ратдзæн йæ рухс,
25стъалытæ арвæй дæлæмæ æрхаудзысты,
æмæ уæларвон тыхтæ нынкъуысдзысты“.
26Уæд „Адæймаджы Фырты фендзысты стыр
хъомыс æмæ кадимæ æврæгътыл æрцæйцæу-
гæ“. 27Æмæ уæд арвитдзæни Йæ зæдты æмæ
алы рæттæй — зæххы кæронæй арвы кæрон-
мæ — Йе 'взæрстыты æрæмбырд кæндзæн.

28Райсут цæвиттонæн легъуи бæлас: йæ
къалиутæ куы ракъуыбар вæййынц æмæ
сыл сыфтæр куы фæзыны, уæд фæзонут,
сæрдмæ бирæ кæй нал ис. 29Уæдæ сымах
æппæт уыдæттæ æххæстгæнгæ куы фенат,
уæд-иу зонут, афон кæй æрæввахс ис æмæ
ныридæгæн къæсæрыл кæй лæууы. 30Æцæг
цы у, уый уын зæгъын: ацы фæлтæр нæма
аивгъуыйдзæн, афтæ æппæт уыдæттæ æр-
цæудзысты. 31Арв æмæ зæхх нал уыдзысты,
Мæ ныхæстæ та мыггагмæ дæр уыдзысты
сæ тыхы.

32Уыцы бон кæнæ уыцы сахат ничи зоны:
нæдæр уæларвон зæдтæ, нæдæр Фырт — æр-
мæст æй Фыд зоны. 33Уæдæ уæхи цæттæ
дарут, уымæн æмæ уыцы афон кæд æрцæу-
дзæни, уый нæ зонут.

34Цæвиттон, иу лæг цыди балцы æмæ йæ
хæдзар йæ цагъарты бар ныууагъта, ал-
кæмæн дæр дзы бæлвырд хъуыддаг бахæс
кодта æмæ дуаргæсæн бафæдзæхста, цæмæй
къæрцхъус уа. 35Афтæ сымах дæр уæхи цæт-
тæ дарут, уымæн æмæ нæ зонут, хæдзары
хицау кæд æрбаздæхдзæн, уый: изæрæй,
æмбисæхсæв, кæркуасæнты æви сæумæрай-
сом. 36Æнæнхъæлæджы куы фæзына, уæд
уæ фынæйæ ма æрбаййафæд! 37Сымахæн
цы зæгъын, уый алкæмæ дæр хауы: уæхи
цæттæ дарут!»

**14** Дыууæ боны фæстæ хъуамæ уыдаид Ку-
адзæн æмæ Донгонд дзулты бæрæгбон. Ал-
чертæ æмæ динамонджытæ агуырдтой Йе-
сойыл хинæй рацæуыны æмæ Йæ амарыны
фадат 2æмæ тæрхæттæ кодтой: «Æрмæст бæ-
рæгбоны нæ, науæд адæм сызмæнтдзысты».

3Йесо уыди Вифанийы, хъотырæй рынчын
Симоны хæдзары. Фынджы уæлхъус куы бад-
ти, уæд Æм бацыди иу сылгоймаг дурынимæ,
йæ мидæг та уыди, нард, зæгъгæ, цы зайæгой
хонынц, уымæй конд сыгъдæг æмæ зынаргъ
хæрздæфгæнæн. Сылгоймаг дурыны хъуыр
асаста æмæ хæрздæфгæнæн Йесойы сæрыл
уадзын райдыдта. 4Иуæй-иутæ рамæсты сты
æмæ дзырдтой: «Цæмæн хъуыди уый бæрц
хæрздæфгæнæн хардз кæнын? 5Æртæсæдæ
динарæй фылдæрыл æй ауæйгæнæн куы уыди,
уыцы æхца та — мæгуыртыл байуарæн».
Æмæ бустæ кодтой сылгоймагыл. 6Фæлæ
сын Йесо загъта: «Ныууадзут æй, цæмæн
æй къæмдзæстыг кæнут? Уый хорз хъуыд-
даг сарæзта Мæнæн. 7Мæгуыртæ æдзух уæ
фарсмæ сты, æмæ уæ кæд бафæнда, уæд-иу
сын баххуыс кæнут, Æз та æдзух уемæ нæ уы-
дзынæн. 8Сылгоймаг, йæ бон цы уыди, уый
бакодта: Мæ баныгæныны размæ Мын Мæ
буар хæрздæфгæнæнæй байсæрста. 9Æцæг
цы у, уый уын зæгъын: Фарны Уац æгас ду-
нейы кæмдæриддæр айхъуыса, уым ацы
сылгоймаджы æрымысынæн, цы сарæзта,
уый тыххæй загъдæуыдзæн».

10Уæд Иудæ Искариот, дыууадæс ахуыргæ-
нинагæй иу, ацыдис алчертæм, цæмæй сын
Йесойы сæ къухмæ ратта. 11Куы йæм байхъу-
ыстой, уæд бацин кодтой æмæ йын æвзист
æхцайæ зæрдæ бавæрдтой. Æмæ Иудæ сæ
къухмæ сын Æй раттыны фадат агуырдта.

12Донгонд дзулты бæрæгбоны фыццаг
бон, Куадзæны уæрыкк æргæвдыны бон,
ахуыргæнинæгтæ Йесойы бафарстой: «Куыд
Дæ фæнды, кæдæм Дын ацæуæм Куадзæны
фынг æрæвæрынмæ?» 13Уый Йæ ахуыргæни-
нæгтæй дыууæйы арвыста æмæ сын бафæ-
дзæхста: «Ацæут сахармæ. Уым уыл сæмбæл-
дзæн иу адæймаг доны дурынимæ, æмæ-иу
ацæут йæ фæдыл. 14Кæдæм бацæуа, уыцы
хæдзары хицауæн-иу зæгъут: „Ахуыргæнæг
фæрсы: Мæ ахуыргæнинæгтимæ Куадзæны
уæрыккæй кæм саходон, Мæ уыцы уат кæм
ис?“ 15Уый уын уæллаг уæладзыджы рав-
дисдзæни стыр æмæ æфснайд уат, уым-иу
фынг æрæвæрут». 16Ахуыргæнинæгтæ араст
сты, бацыдысты сахармæ æмæ æппæт дæр,
Йесо сын куыд загъта, афтæ ссардтой æмæ
Куадзæны фынг æрæвæрдтой.

17Куы баизæр ис, уæд Йесо æрбацыди
Йæ дыууадæс ахуыргæнинагимæ. 18Æмæ
фынджы уæлхъус куы бадтысты, уæд Йесо
загъта: «Æцæг цы у, уый уын зæгъын: уæ иу
Мыл — ныртæккæ Мемæ къæбæр чи хæры,
уый — гадзрахатæй рацæудзæни». 19Уыдон
æрæнкъард сты æмæ Йæ радыгай фæрсын
райдыдтой: «Уый æз уыдзынæн, мыййаг?»
20Йесо сын загъта: «Дыууадæсæй иу, цæхдо-
ны Мемæ йæ къæбæр чи тулы, уый. 21Æниу,
Адæймаджы Фырт фæцæуы, Сыгъдæг Фысты
куыд загъдæуы, афтæ. Фæлæ сар йæ сæр,
гадзрахатæй Йыл чи рацæуа, уымæн. Уы-
цы адæймаг куы нæ райгуырдаид, уæд ын
хуыздæр уыдаид».

22Фынджы уæлхъус куы æрбадтысты, уæд
Йесо Йæ къухмæ райста дзул, Хуыцауæн
арфæ ракодта, æрсаста йæ, алæвæрдта сæм
æй æмæ загъта: «Айсут æмæ хæрут — уый
Мæ Буар у». 23Уый фæстæ райста сæны кæхц,
Хуыцауæн арфæ ракодта, алæвæрдта сæм æй,
æмæ дзы се ’ппæт дæр базуæзтой. 24Æмæ
сын загъта: «Уый Мæ Туг у — уымæй фи-
даргæнгæ у Ног Фидыд, æмæ уый бирæты
сæрвæлтау ныккæлдзæни. 25Æцæг цы у, уый

уын зæгъын, сæнæфсиры сæнæй нал бану-
аздзынæн, цалынмæ Хуыцауы Паддзахады
ног сæнæй бануазон, уæдмæ». 26Уый фæстæ
азарыдысты арфæйы зарæг æмæ Елеоны
хохмæ ацыдысты.
27Йесо сын загъта: «Ахсæв Мæ уе ’ппæт
дæр ныууадздзыстут, уымæн æмæ фыст ис:
„Æрцæвдзынæн фыййауы, æмæ фысты дзуг
ныххæлиу уыдзæн“. 28Фæлæ куы райгас уон,
уæд-иу Мæ Галилейы агурут».
29Уæд Ын Петр загъта: «Иууылдæр Дæ
куы ныууадзой, уæддæр Дæ æз нæ ныу-
уадздзынæн». 30Йесо йын загъта: «Æцæг
цы у, уый дын зæгъын: ахсæв уасæг дыууæ
хатты нæма ныууасдзæн, афтæ Мыл æртæ
хатты атигъ кæндзынæ дæхи». 31Фæлæ Петр
ноджы ныфсджындæрæй дзырдта: «Демæ
мæ амæлын куы бахъæуа, уæд дæр Дыл æз
мæхи нæ атигъ кæндзынæн». Афтæ дзырд-
той иннætæ дæр.
32Уæд æрцыдысты, Гефсимани кæй хо-
нынц, уыцы бынатмæ. Йесо Йæ ахуыргæни-
нæгтæн загъта: «Цалынмæ кувон, уæдмæ уал
ам абадут». 33Йемæ акодта Петр, Йаков æмæ
Иоанны. Мæлæты тас бацыди Йæ зæрдæйы,
æмæ æрхæндæг кæнын райдыдта. 34Уæд сын
загъта: «Мæ уд мæрдон хъынцъым кæны; ам
Мæм фæлæуут, ма-иу бафынæй ут». 35Йæхæ-
дæг иу чысыл æддæдæр ацыди, ныддæлгом
ис зæххыл æмæ куывта, цæмæй Йæм разæй
цы тухæн æнхъæлмæ кæсы, уый гæнæн æмæ
амалæй ма бавзара: 36«Аввæ, Мæ Фыд, Дæ-
уæн æппæт дæр у Дæ бон. Ацы хъизæмæртты
кæхц Мын ма бадар. Фæлæ, Мæн куыд фæн-
ды, афтæ нæ — Дæу куыд фæнды, афтæ уæд».
37Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæм æрбаздæхт
æмæ сæ фынæйæ баййæфта. Æмæ Петрæн
загъта: «Симон, фынæй дæ? Æнæ фынæйæ
иу сахат нæ бафæрæзтай? 38Уæхи цæттæ
дарут æмæ кувут, цæмæй фыдæвзарæны
ма фæцудат. Уд фидар у, буар та — лæмæгъ».
39Ногæй та иуварс ацыди æмæ куывта,
уымæй размæ куыд куывта, афтæ. 40Æмæ
сæм куы æрбаздæхти, уæд та сæ фынæйæ
баййæфта; сæ цæстытæ æруæззау сты, æмæ
Йын цы дзуапп раттаиккой, уый нæ зыдтой.
41Æртыккаг хатт дæр та сæм бацыди æмæ
сын загъта: «Ныр дæр ма фынæй кæнут æмæ
уæ фæллад уадзут? Фаг у, рæстæг æрцыд:
мæнæ Адæймаджы Фырты тæригъæдджын-
ты къухмæ дæттынц. 42Сыстут æмæ цæуæм!
Уæртæ Мæ уæйгæнæг æрбаввахс ис».
43Йесо Йæ ныхас нæма фæци, афтæ фæ-
зынди Иудæ, дыууадæс ахуыргæнинагæй иу,
йемæ — бирæ адæм кæрдтæ æмæ хъилтимæ:
алчертæ, динамонджытæ æмæ адæмы хис-
тæртæ йын сæ йемæ рарвыстой. 44Уæйгæнæг
семæ афтæ ныхасгонд уыди: «Кæмæн аба
кæнон, Уый Йесо у. Æрцахсут Æй æмæ Йæ
аивæй акæнут». 45Æмæ куыддæр æрбахæццæ
ис, афтæ комкоммæ бацыди Йесомæ æмæ
Йын загъта: «Равви!» Æмæ Йын аба кодта.
46Уыдон дæр Æм фæлæбурдтой æмæ Йæ
æрцахстой. 47Йæ разы чи лæууыд, уыдонæй
чидæр кард фелвæста, алчеры цагъары дзы
ныццавта æмæ йын йæ хъус ахауын кодта.
48Уæд Йесо адæмæн загъта: «Цыма абырæ-
джы ахсут, уыйау Мæм кæрдтæ æмæ хъил-
тимæ куы рацыдыстут. 49Æз æрвылбон уемæ
Кувæндоны уыдтæн, ахуыр кодтон адæмы,
æмæ Мæ нæ ахстат. Фæлæ Сыгъдæг Фысты
цы загъд ис, уый хъуамæ сæххæст уа».
50Уæд Æй ахуыргæнинæгтæ иууылдæр
фæуагътой æмæ лидзынмæ фесты. 51Иу æры-
гон лæппу, йæ бæгънæг буар æмбæрзæны
æрбатыхта, афтæмæй цыди Йæ фæдыл;
æфсæддонтæ йæм фæлæбурдтой. 52Лæппу
сын æмбæрзæн сæ къухы фæуагъта æмæ
бæгънæгæй алыгъди.
53Йесойы бакодтой алчермæ. Сауджынтæ,
адæмы хистæртæ æмæ динамонджытæ æм-
бырдæй уыдысты уым. 54Петр дæрддзæф-
гомау цыди Йесойы фæдыл суанг алчеры
кæрты онг. Уым хъахъхъæнджытимæ æр-
бадти æмæ йæхи артмæ тавта.
55Уыцы рæстæг алчертæ æмæ æгас си-
недрион агуырдтой æвдисæйнæгтæ Йесо-
йы ныхмæ, цæмæй Йын марыны тæрхон
рахæссой, фæлæ сæ къухы ницы æфтыд.
56Бирæтæ мæнгæвдисæн лæууыдысты Йæ
ныхмæ, фæлæ сæ ныхас кæрæдзиуыл нæ
бадти. 57Цалдæрæй дзы сыстадысты æмæ
загътой: 58«Мах нæхи хъустæй фехъуыстам,
Уый афтæ кæй дзырдта: „Æз ацы Кувæн-
дон — адæймаг кæй саразта, уый — фехал-
дзынæн æмæ æртæ бонмæ сараздзынæн
æндæр, адæймаджы къухæй конд чи нæ уа,
ахæм“». 59Фæлæ уыдонæн дæр сæ ныхæстæ
кæрæдзиуыл нæ бадтысты.
60Уæд алчер размæ ралæууыд æмæ Йе-
сойы бафарста: «Дæ ныхмæ цы дзурынц,
уымæн ницы дзуапп дæттыс?» 61Фæлæ Йесо
ницы дзырдта, йæ дзыхæй иу ныхас дæр
не схауд. Алчер Æй ногæй бафарста: «Ды
дæ Чырысти, Арфæгонд Хуыцауы Фырт?»
62Йесо загъта: «Æз дæн. Æмæ сымах „Адæй-
маджы Фырты фендзыстут Æппæтхъомысы
рахизфарс бадгæ æмæ уæларвон æврæгътыл
æрцæйцæугæ“». 63Уыцы ныхæстæм алчер
йæ уæлæдарæс фæйнæрдæм арæдывта æмæ

загъта: «Цавæр æвдисæнтæ ма нæ хъæуы?
64Хуыцауы куыд фауы, уый уæхæдæг фе-
хъуыстат. Цы хъуыды уæм ис?»
Се 'ппæт дæр Æй банымадтой аххосджы-
ныл, марыны тæрхон рахæссыны аккаг у,
зæгъгæ. 65Æмæ Йыл чидæртæ тутæ кæнын
райдыдтой, Йæ цæсгом-иу Ын бамбæрз-
той, цавтой Йæ æмæ Йын дзырдтой: «Кæд
пехуымпар дæ, уæд Дæ чи ныццавта, уый-
ма базон». Хъахъхъæнджытæ дæр Ын Йæ
рустæ цавтой.
66Ныр Петр та бынæй, кæрты, уыди. Алче-
ры лæггадгæнæг сылгоймæгтæй иу уырдæм
бацыди. 67Петры артмæ йæхи тавгæ куы фед-
та, уæд æм æдзынæг ныккасти æмæ загъта:
«Ды дæр Назаретаг Йесоимæ уыдтæ». 68Фæлæ
Петр нæ басасти: «Цытæ дзурыс, æз уымæн
ницы зонын æмæ, цы дзурыс, уый æмбаргæ
дæр нæ кæнын». Уыйадыл æддаг кæртмæ
рацыди, æмæ уалынмæ уасæг ныууасыд.
69Лæггадгæнæг сылгоймаг та йæ уым дæр
ауыдта æмæ, йæ фарсмæ чи лæууыд, уыдо-
нæн загъта: «Ай уыдонæй у». 70Æмæ та Петр
уæддæр нæ басасти. Чысыл фæстæдæр, уым
чи лæууыд, уыдон ногæй загътой Петрæн:
«Нæ, ды дæр бæлвырд уыдонæй дæ, уымæн
æмæ галилейаг дæ. [Де 'взаджы здæхт дыл
комдзог цæуы.]» 71Уæд Петр ард хæрын æмæ
Хуыцауæй сомы кæнын райдыдта: «Кæй
кой кæнут, æз уыцы Адæймаджы нæ зо-
нын». 72Уæд уасæг дыккаг хатт ныууасыд.
Æмæ Петры зæрдыл æрлæууыдысты Йе-
сойы ныхæстæ: «Уасæг дыууæ хатты нæма
ныууасдзæн, афтæ Мыл æртæ хатты атигъ
кæндзынæ дæхи». Æмæ кæуын райдыдта.

**15** Куыддæр æрбабон ис, афтæ алчертæ,
адæмы хистæртæ, динамонджытæ æмæ
æппæт синедрион æрæмбырд сты æмæ уы-
наффæ рахастой. Йесойы сбастой, акодтой
Йæ æмæ Йæ Пилаты къухмæ радтой. 2Пилат
Æй бафарста: «Ды иудейæгты Паддзах дæ?»
Йесо йын дзуапп радта: «Дæхæдæг æй зæ-
гъыс». 3Æмæ Йæ алчертæ бирæ хъуыддæгты
азымджын кодтой. 4Пилат та Йæ бафарста:
«Ницы дзуапп дæттыс? Уыныс, куыд бирæ
азым Дæм хæссынц». 5Фæлæ йын Йесо ни-
цыуал загъта, æмæ Пилат дисы бафтыди.
6Пилат-иу алы бæрæгбоны дæр, адæ-
мы курдиатмæ гæсгæ, иу ахæсты ссæри-
бар кодта. 7Уыцы рæстæг сæм ахæстоны
йæ хъузæттимæ — змæстыты рæстæг туг
чи ныккалдта, уыдонимæ — бадти иу лæг,
йæ ном — Вараввæ. 8Адæм æрæмбырд сты
æмæ Пилатæй куырдтой, цæмæй та сын
ацы хатт дæр, раздæр куыд кодта, афтæ
бакæна. 9Пилат сæ бафарста: «Фæнды уæ,
цæмæй уын иудейаг Паддзахы суæгъд кæ-
нон?» 10Уый зыдта, алчертæ йын Йесойы
йæ къухмæ сæ фыр хæлæгæй кæй радтой,
уый. 11Фæлæ алчертæ адæмы сардыдтой,
Вараввæйы сын рауадзынил куыд дзурой,
афтæ. 12Пилат сæ ногæй бафарста: «Уæдæ,
сымах иудейаг Паддзах Кæй хонут, Уымæн
та цы бакæнон?» 13Уыдон ныхъхъæр кодтой:
«Байтындз Æй!» 14Пилат сын загъта: «Уагæр
æвзæрæй цы ракодта?» Фæлæ уыдон ноджы
тынгдæр ныхъхъæр кодтой: «Байтындз Æй!»
15Уæд Пилат, адæмы зæрдæ балхæныны охыл,
Вараввæйы ахæстонæй рауагъта, Йесойы та
ехсæй фæнæмын кодта æмæ Йæ дзуарыл
байтындзынмæ радта.
16Æфсæддонтæ Йесойы акодтой бæстыхи-
цауы галуаны мидæггаг кæртмæ, æмæ æгас
æфсæддон хаймæ дæр уырдæм фæсидтысты.
17Сæнт сырх пæлæз Ыл скодтой, сындзытæй
кады худ сбыдтой, Йæ сæрыл Ын æй æркод-
той 18æмæ дзырдтой: «Æгас цæуæд иудейаг
Паддзах!» 19Йæ сæр Ын лæдзæгæй цавтой,
тутæ Йыл кодтой, Йæ разы-иу сæ зонгуытыл
æрхаудтой æмæ-иу зæххыл ныддæлгом сты.
20Сæ зæрдæйы дзæбæхæн сæхи куы фæир-
хæфстой, уæд Ын Йæ сæнт сырх пæлæз ра-
ластой, фæстæмæ Йыл Йæхи дарæс скодтой
æмæ Йæ дзуарыл байтындзынмæ акодтой.
21Уыцы рæстæг фæссахарæй æрбацæй-
цыди иу киренæйаг лæг, Симон, Александр
æмæ Руфы фыд; æмæ Йесойы дзуар уымæн
ахæссын кодтой. 22Йесойы æркодтой, Гол-
гофæ (ома Сæргæхцы бынат) кæй хонынц,
уырдæм. 23Æмæ Йын сæн лæвæрдтой смир-
нæимæ хæццæйæ, фæлæ йæ Уый нæ баку-
ымдта. 24Дзуарыл Æй чи байтыгъта, уыдон
Ын Йæ дарæстыл хæлттæ сæппæрстой æмæ
сæ се 'хсæн байуæрстой. 25Æртыккаг сахат
уыди, афтæ Йæ дзуарыл байтыгътой. 26Цæй
тыххæй Йæ азымджын кодтой, уый уыди
Йæ сæрмæ фыст: «Иудейæгты Паддзах».
27Йемæ ма дзуæрттыл байтыгътой дыууæ
абырæджы, иуы — Йæ рахизфарс, иннæйы
та — Йæ галиуфарс.
28[Афтæ сæххæст ис, Сыгъдæг Фысты цы
загъдæуыди, уый: «Фыдгæнджыты хыгъдмæ
Йæ бахастæуыд».]
29Йæ рæзты-иу чи фæцæйцыд, уыдон сæ
сæртæ æнкъуыстой æмæ Йын алы æфхæ-
рæн ныхæстæ кодтой: «Гъей, Кувæндон ха-
лæг æмæ йæ æртæ бонмæ аразæг! 30Дæхи

**15:25** Сахæттæ амынд сты рагон нымадæй (кæс дзырдуаты).

фервæзын кæн — дзуарæй æрхиз». 31Афтæ
Дзы хынджылæг кодтой алчертæ дæр дина-
монджытимæ æмæ кæрæдзийæн дзырдтой:
«Иннæты ирвæзын кодта, Йæхи фервæзын
кæнын та Йæ бон нæу! 32Чырысти, Израилы
Паддзах! Ныр дзуарæй æрхизæд, цæмæй Йæ
нæхи цæстæй фенæм æмæ Йыл бауæндæм».
Йемæ Йын кæй байтыгътой, уыдон дæр Æй
фаудтой.
33Æхсæзæм сахат куы ралæууыди, уæд
бæстæ æгасæй дæр баталынг ис, æмæ афтæ
ахаста суанг фарæстæм сахаты онг. 34Фа-
рæстæм сахатыл Йесо хъæрæй ныууынæр-
гъыдта: «Элои, Элои, лема сабахтани?»,
ома: «Мæ Хуыцау, Мæ Хуыцау, цæмæн Мæ
ныууагътай?»
35Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, уым чи
лæууыди, уыдонæй чидæртæ загътой: «Или-
йамæ дзуры». 36Уæд сæ иу азгъордта, хырыз
комраз туаг сæны атылдта, лæдзæгыл æй
æрсагъта æмæ Йын æй йæ дзыхмæ схаста,
афтæ дзургæйæ: «Фæлæууут-ма, бакæсæм,
кæддæра Йæм Илийа æрцæуид æмæ Йæ
дзуарæй æрисид». 37Йесо та хъæрæй ныу-
уынæргъыдта æмæ Йæ уд systa. 38Уæд Ку-
вæндоны мидæмбæрзæн уæлейæ дæлæмæ
дыууæ дихы фæцис. 39Йæ бакомкоммæ чи
лæууыди, уыцы сæдæйыхицау, Йесо хъæрæй
куыд ныууынæргъыдта æмæ Йæ уд куыд
systa, уый куы федта, уæд загъта: «Ацы
Адæймаг æцæгдæр Хуыцауы Фырт уыди».
40Уым уыди сылгоймæгтæ дæр æмæ кас-
тысты дардæй: се ’хсæн — магдалæйаг Ма-
риа, Иосет æмæ кæстæр Йаковы мад Мариа,
стæй Саломи. 41Йесо ма Галилейы куы уыди,
уæд уыдон цыдысты Йæ фæдыл æмæ Йын
лæггад кодтой. Уыди ма дзы, Йемæ Йеру-
салиммæ чи æрбацыд, бирæ ахæм æндæр
сылгоймæгтæ дæр.
42Уæдмæ баизæр ис, æмæ, майрæмбон
кæй уыди — сабатмæ цæттæгæнæн бон, —
43уымæ гæсгæ синедрионы уæнг, нымад лæг,
аримафейаг Йосеф, йæхæдæг дæр Хуыцауы
Паддзахадмæ чи æнхъæлмæ касти, уый йæ
ныфс бахаста Пилатмæ бацæуын æмæ дзы
Йесойы мард ракурын. 44Йесо ныридæгæн
кæй амарди, уый Пилатмæ диссаг фæкаст,
сæдæйыхицаумæ фæсидти æмæ йæ бафарс-
та: «Раджы амард?» 45Æмæ хабар бæлвырд
куы базыдта, уæд Йесойы мард раттын кодта
Йосефæн.
46Йосеф балхæдта мæрдæмбæрзæн, Йесо-
йы мард æриста, батыхта Йæ уыцы мæрдæм-
бæрзæны æмæ Йæ бавæрдта, къæдзæхы цы
зæппадз къахт уыди, уым; йæ бахизæныл
ын дур бафæлдæхта. 47Магдалæйаг Мариа
æмæ Иосеты мад Мариа та кастысты æмæ
федтой, кæм Æй бавæрдтой, уый.

**16** Сабат куы аивгъуыдта, уæд магдалæйаг
Мариа, Йаковы мад Мариа æмæ Саломи бал-
хæдтой хæрздæфгæнæнтæ, цæмæй ацæуой
æмæ Йесойы байсæрдой. 2Æмæ къуырийы
фыццаг бон, райсомæй раджы, хур куыддæр
скастис, афтæ æрбацыдысты зæппадзмæ.
3Æмæ кæрæдзийæн дзырдтой: «Зæппадз-
мæ бахизæнæй нын дур чи афæлдахдзæн?»
4Фæлæ куы бакастысты, уæд æй фæлдæхтæй
федтой, афтæмæй та дур уыди тынг стыр.
5Зæппадзмæ куы бацыдысты, уæд дзы ра-
хизæрдыгæй федтой æрыгон лæппуйы, урс
дарæсы бадгæйæ, æмæ сыл стыр тас бахæ-
цыд. 6Фæлæ сын уый загъта: «Ма тæрсут.
Сымах дзуарылтыгъд Назаретаг Йесойы
агурут — ам нæй, райгас ис. Мæнæ, кæм Æй
бавæрдтой, уыцы бынат. 7Уæдæ ацæут æмæ
зæгъут Йæ ахуыргæнинæгтæн, стæй Петрæн
дæр, Галилеймæ уæ разæй фæцæуы, зæгъгæ.
Уым Æй фендзыстут, Йæхæдæг уын куыд
загъта, афтæ». 8Сылгоймæгтæ зæппадзæй
куы рацыдысты, уæд згъорынмæ фесты.
Фыр адæргæй сæхи дæр нал æмбæрстой
æмæ никæмæн ницы загътой, уымæн æмæ
тарстысты.
9Йесо, къуырийы фыццаг бон куы райгас
ис сæумæйæ, уæд уал фыццаг Йæхи раргом
кодта магдалæйаг Мариамæ — авд дæлимо-
ны кæмæй расырдта, уымæ. 10Уый ацыд æмæ
хабар радзырдта Йесойы ахуыргæнинæгтæн,
ныр кæугæ æмæ дзыназгæ чи кодта, уыдо-
нæн. 11Фæлæ уыдон, Йесо райгас ис æмæ Йæ
Мариа федта, зæгъгæ, уый куы фехъуыстой,
уæд сæ нæ бауырныдта.
12Уый фæстæ ахуыргæнинæгтæй дыууæ
хъæумæ куы фæцæйцыдысты, уæд сæм Йесо,
æндæр хуыз райсгæйæ, фæндагыл Йæхи рар-
гом кодта. 13Уыдон раздæхтысты æмæ хабар
иннæтæн дæр радзырдтой. Фæлæ уыдоныл
дæр нæ бауæндыдысты.
14Æппынфæстаг Йесо Йæ иуæндæс аху-
ыргæнинагмæ раргом ис, фынджы уæлхъус
куы бадтысты, уæд. Æмæ сын бауайдзæф
кодта, уырнындзинад сæм кæй нæ уыд, сæ
зæрдæтæ æхгæд кæй разындысты æмæ,
Йæ райгасы фæстæ Йæ чи федта, уыдо-
ныл кæй нæ бауæндыдысты, уый тыххæй.
15Æмæ сын загъта: «Æрзилут æгас дунейыл
æмæ Фарны Уац хъусын кæнут алкæмæн
дæр. 16Чи бауæнда æмæ аргъуыд чи райса,
уый фервæздзæн; чи нæ бауæнда, уый та

тæрхонгонд æрцæудзæн. 17Уырнджытæ та
ахæм диссæгтæ æвдисдзысты: Мæ номæй
сурдзысты дæлимонты, ног æвзæгтыл сдзур-
дзысты; 18кæлмыты исдзысты сæ къухтæм
æмæ, марг куы бануазой, уæд дæр сын ницы
уыдзæн; рынчынтыл сæ къухтæ æвæрдзыс-
ты, æмæ-иу уыдон адзæбæх уыдзысты».
19Уыдæттæ зæгъыны фæстæ Бардарæг Йесо
уæларвмæ Йæхи systa æмæ уым Хуыцауы
рахизфарс æрбадти. 20Ахуыргæнинæгтæ
дæр ацыдысты æмæ алы ран хъусын код-
той Фарны Уац. Бардарæг сын æххуыс кодта
æмæ, сæ ныхас раст кæй у, уый æвдыста алы
диссæгты фæрцы.

# Лукайы Евангели

Ацы чиныджы авторыл, традицимæ гæсгæ, нымад у Лука – апостол Павелы æмбæлццæттæй иу, уыдис æм дохтыры дæсныйад. Уый йæхи цæстæй нæ федта Чырыстиимæ баст сæйраг цаутæ, стæй израилаг адæмæй дæр нæ уыдис. Фæлæ уыйхыгъд, алцы йæхи цæстæй чи федта, уыдоны лыстæг æрфарста æмæ æрæмбырд кодта Чырыстийы цард æмæ Йæ хъуыддæгтыл дзурæг æвдисæйнæгтæ иууылдæр, цæмæй сæ, чырыстон дин чи райста, уыцы муртаттаг чиныгкæсджытæм фæхæццæ кæна. Уый йæ Евангели ныффыста Матфей æмæ Маркы фæстæ.

Чырыстийы цард Лука бæтты уæды рæстæджы историон цаутимæ æмæ афтæмæй банысан кæны чырыстон дины фидар историон бындур.

Евангелийы фыццаг сæры Лука æрхæссы Рагон Фæдзæхсты псаломты æнгæс уæлтæмæн гимнтæ – уыдоны йеддæмæ, цыппар Евангелийы поэтикон хæйттæ нæй. Уæлдай ахсджиагыл нымайы æмбисæндтæ, æмæ уымæн сты йæ чиныджы (уæлдайдæр 14–16 сæрты) æххæст литературон радзырдты хуызы. Чиныджы 10 сæры (9:51–19:27) – Йесо Йерусалиммæ куыд цыд, уый тыххæй бæстон æмæ æххæст радзырд.

Лука ма ныффыста чиныг «Апостолты хъуыддæгтæ» дæр, æмæ уым йæ ныхасы сæр у, Чырыстийы уæларвмæссыды фæстæ чырыстон дин куыд рапарахат ис, уый; ноджы ма дзуры фыццаг чырыстон æхсæнады царды тыххæй.

---

**1** Цы цаутæ нæм æрцыд, уыдоны тыххæй
ныридæгæн бирæтæ ныффыстой, 2тæккæ
райдианæй сæ йæхи цæстæй чи федта æмæ
Хуыцауы ныхас адæммæ чи хæццæ код-
та, уыдоны уылты. 3Уымæ гæсгæ æз дæр,
цытджын Феофил, сфæнд кодтон æппæт
хабæрттæ кæронмæ лыстæг равзарын æмæ
дæм сæ фæд-фæдыл бæстон ныффыссын,
4цæмæй, цы ахуырадыл æрлæууыдтæ, уы-
мæн йæ фидар бындур зонай.
5Иудейаг паддзах Ироды заман Авийайы
хæдзарвæндаджы уыдис иу сауджын, За-
хариа, зæгъгæ. Йæ бинойнаг дæр Аароны
байзæддагæй уыди, йæ ном – Елисаветæ.
6Сæ дыууæ дæр Хуыцауы раз растæй цар-
дысты, æнæаиппæй æххæст кодтой Хуыцауы
æппæт фæдзæхстытæ æмæ уагæвæрдтæ.
7Цот сын нæ рацыд, уымæн æмæ Елисаветæ
æнæзæнæг уыдис. Афтæмæй сæ дыууæйыл
дæр дзæвгар азтæ рацыд.
8Иу хатт Захариа уаз куыст кодта Хуыцауы
Кувæндоны (цы сауджынты къордмæ хауд,
уыдоны рад ралæууыд). 9Сауджынты æгъдау
куыд домы, афтæ хæлттæ куы сæппæрстой,
уæд Захариайы хал схауд, æмæ нывондхæс-
сæныл буд судзынмæ бацыди Дунедарæджы
Кувæндонмæ.
10Буд судзыны рæстæджы кæрты уыди
бирæ кувæг адæм. 11Æмæ æваст Захариамæ
раргом ис Хуыцауы зæд – будсудзæн ны-
вондхæссæны рахизфарс лæууыд. 12Захариа
йæ куы ауыдта, уæд стыр дисы бафтыд æмæ
тынг фæтарсти. 13Фæлæ йын зæд загъта: «Ма
тæрс, Захариа, уымæн æмæ дæ куывд фехъу-
сти Хуыцаумæ. Дæ ус Елисаветæ дын ный-
йардзæн фырт, æмæ йæ схондзынæ Иоанн.
14Дæ фырт дын стыр цин æрхæсдзæн, йæ
райгуырдыл бирæтæ бацин кæндзысты,
15уымæн æмæ цытджын уыдзæни Хуыцауы
раз. Нæдæр сæн нуаздзæн, нæдæр æндæр
исты карз нозт, Сыгъдæг Удæй хайджын
уыдзæн йæ райгуырдæй фæстæмæ. 16Изра-
илы адæмæй бирæты уый фæстæмæ раздах-
дзæни сæ Бардарæг Хуыцаумæ. 17Илийайы

уд æмæ хъаруимæ цæудзæни Бардарæджы
разæй, цæмæй фыдæлтæ æмæ сæ цоты зæр-
дæтæ раздаха кæрæдзимæ, хивæндты раст
зондыл сараза æмæ адæмы бацæттæ кæна
Бардарæджы æрцыдмæ».
18 Захариа бафарста Зæды: «Æз ууыл куыд
хъуамæ бауæндон, кæд æмæ мæхæдæг дæр
зæронд дæн, стæй мæ ус дæр зæронд у, уæд?»
19 Зæд ын дзуапп радта: «Æз дæн Гавриил,
Хуыцауы раз лæггадгæнæг, æмæ дæм уымæн
æрвыст дæн, цæмæй дын ацы цины уац фе-
хъусын кæнон. 20 Кæй дын загътон, уый йæ
афоныл æнæмæнг æрцæудзæн, фæлæ мын
ды мæ ныхæстыл кæй нæ бауæндыдтæ,
уый тыххæй ныртæккæ багомыг уыдзынæ
æмæ, цалынмæ уыцы хъуыддаг æрцæуа,
уæдмæ дæ дзыхæй не сдзурдзынæ». 21 Адæм
æнхъæлмæ кастысты Захариамæ æмæ дис
кодтой, Кувæндоны куыд тынг ныффæстиат
ис, зæгъгæ. 22 Куы рацыд, уæд йæ бон дзурын
нæ уыд, æмæ адæм бамбæрстой, Кувæндоны
диссаг кæй федта, уый. Йæ къухты тылдæй
æмбарын кодта йæ зæгъинæгтæ, дзургæ дæр
æмæ хъусгæ дæр нал кодта. 23 Кувæндоны йæ
лæггады рад куы ахицæн ис, уæд æрбаздæх-
ти йæ хæдзармæ.
24 Уымæй чысыл фæстæдæр йæ ус Елиса-
ветæ банхъæлцау ис. Фыццаг фондз мæ-
йы йæхи адæмæй æмбæхста æмæ дзырдта:
25 «Уый мын Хуыцау сарæзта — æркасти мæм,
цæмæй адæмы ’хсæн æгад мауал уон».
26 Елисаветæ æхсæзæм мæй æнхъæлцау
куы уыд, уæд Хуыцау Йæ зæд Гавриилы
арвыста галилейаг сахар Назаретмæ, 27 æнæ-
цыд чызгмæ, Давиды байзæддаг Йосифимæ
фидыд чи уыди, уымæ; йæ ном — Мариа.
28 Зæд æм бацыд æмæ йын загъта: «Байрай,
Хуыцауæй арфæгонд! Дунедарæг демæ ис.
[Арфæгонд дæ сылгоймæгты æхсæн.]» 29 Ма-
риа тынг бадис кодта æмæ хъуыдыты аны-
гъуылд, уæдæ уыцы ныхæстæ цы амонынц,
зæгъгæ. 30 Зæд ын загъта: «Ма тæрс, Мариа!
Хуыцау дæ Йæ хорзæхæй схайджын кодта.
31 Ды банхъæлцау уыдзынæ æмæ ныййар-
дзынæ Фырт, сæвæрдзынæ Йыл ном Йесо.
32 Уый уыдзæни цытджын, хондзысты Йæ
Дунедарæджы Фырт, æмæ Йын Бардарæг Ху-
ыцау ратдзæн Йæ фыдæл Давиды паддзахы
бадæн. 33 Йаковы байзæддагæн паддзахиуæг
кæндзæни мыггагмæ, æмæ Йæ Паддзахадæн
кæрон никуы æрцæудзæн».
34 Мариа бафарста Зæды: «Æз нырма мой-
мæдзыд куы нæ дæн, уæд уымæн уæвæн ку-
ыд ис?» 35 Зæд ын дзуапп радта: «Сыгъдæг Уд
дыл Йæхи æруадздзæн, Дунедарæджы тых
дæ бакæндзæни йæ дæлбазыр. Афтæмæй дæ
цы Хъæбул райгуыра, Уый уыдзæни сыгъ-
дæг, æмæ Йæ схондзысты Хуыцауы Фырт.
36 Мæнæ ма, æнæзæнæг кæй хуыдтой, уыцы
Елисаветæ дæр, дæ хæстæг, зæрондæй куы
банхъæлцау æмæ йыл ныр æхсæзæм мæй
куы цæуы. 37 Уымæн æмæ, Хуыцау цы зæгъа,
уый æнæсæххæстæй нæ баззайдзæн». 38 Уæд
Мариа загъта: «Æз Бардарæджы цагъар дæн;
цы загътай, уый мыл æрцæуæд». Æмæ уы-
йадыл зæд нал уыди йæ разы.
39 Уыцы цауæй цалдæр боны фæстæ Мариа
йæхи срæвдз кодта æмæ хæхбæстæм, иуде-
йаг сахармæ, ацыди. 40 Комкоммæ Захариайы
хæдзармæ бацыд æмæ Елисаветæйæн салам
радта. 41 Мариайы ныхасмæ Елисаветæйы гу-
ыбыны йæ сывæллон базмæлыд. Елисаветæ
Сыгъдæг Удæй схайджын ис 42 æмæ хъæрæй
загъта: «Арфæгонд дæ сылгоймæгты æх-
сæн, æмæ арфæгонд у, дæ зæрдæйы бын цы
Сывæллон ис, Уый! 43 Мæ Бардарæджы мад
мæм æрбацæуа, уыцы хорзæх мæм кæцæй
æрхауд? 44 Дæ хъæлæс дын куы фехъуыстон,
уæд сывæллон цингæнгæ мæ гуыбыны баз-
мæлыд. 45 Тæхудиаг у, Хуыцау ын цы загъта,
уый кæй æрцæудзæн, ууыл бауæндæг Чызг!»
46 Уæд Мариа загъта: «Стауы мæ зæрдæ
Дунедарæджы! 47 Мæ уд цин кæны Хуыца-
уыл, мæ Ирвæзынгæнæгыл! 48 Уый æркасти
Йæ сæрныллæг цагъар чызгмæ, æмæ мæ
ырæй фæстæмæ адæм хондзысты арфæ-
гонд фæлтæрæй-фæлтæрмæ. 49 Уымæн æмæ
Æппæтхъомыс стыр хъуыддаг сарæзта мæ-
нæн! Уаз у Йæ ном! 50 Чи Дзы тæрсы, уыдон
фæлтæрæй-фæлтæрмæ Йæ хорзæхæй хай-
джын сты. 51 Йæ къухы хъомыс равдыста æмæ
ныххæлиу кодта, сæрыстыр чи у, уыдоны сæ
фæндтимæ. 52 Тыхджынты раппæрста сæ
бадæнтæй æмæ сбæрзонд кодта сæрныллæг-
ты. 53 Йæ хорзæхтæй бафсæста æххормæгты,
бонджынты та ницæимæ арвыста. 54 Æрцыд
æххуысмæ Йæ лæггадгæнæг Израилмæ, нæ
Дзы ферох ис мыггагмæ уый йæ хорзæхæй
схайджын кæнын, 55 нæ фыдæлтæн — Ав-
раам æмæ йæ байзæддагæн — зæрдæ куыд
бавæрдта, афтæ». 56 Мариа Елисаветæмæ
фæци æртæ мæйы бæрц æмæ уый фæстæ
раздæхти йæ хæдзармæ.
57 Елисаветæйæн йæ арыны афон æрхæццæ
ис, æмæ лæппу ныййардта. 58 Хуыцау ын стыр
арфæ кæй ракодта, уый фехъуыстой йæ сы-
хæгтæ, йæ хæстæджытæ æмæ цин кодтой йе-
мæ. 59 Æстæм бон æрбацыдысты сывæллонæн
сунæт скæнынмæ æмæ сæ фæндыд, цæмæй
йыл йæ фыды ном — Захариа — сæвæрой,

60фæлæ йæ мад не сразы: «Нæ, Иоанн æй
схонæм». 61Уыдон ын загътой: «Дæ хæс-
тæджытæй ахæм ном никæуыл ис». 62Уæд,
къухæй амонгæйæ, фарстой сабийы фыды,
цы ном сæвæрын дæ фæнды, зæгъгæ. 63Уый
ракуырдта фæйнæджы гæбаз æмæ йыл ныф-
фыста: «Йæ ном Иоанн у». Æмæ се 'ппæт дæр
дисы бафтыдысты. 64Уыцы тæккæ уысм
Захариа йæ дзыхæй сдзырдта, æмæ уыйа-
дыл райдыдта дзурын, кад кодта Хуыцауæн.
65Сæ алыварс цæрджыты се 'ппæты дæр тас
бацыди. Уæлхох Иудейы алы кæрæтты æн-
дæр кой нал уыд. 66Хабар-иу чи фехъуыста,
уыдон-иу хъуыдыты аныгъуылдысты æмæ
сæхинымæр дзырдтой: «Чи уыдзæн, цымæ,
уыцы сывæллон?» Æмæ, æцæгдæр, Хуыцау
уыдис Иоаннимæ.

67Иоанны фыд Захариа Сыгъдæг Удæй
схайджын ис, пехуымпариуæг кæнын рай-
дыдта æмæ дзырдта: 68«Арфæгонд уæд
Израилы Бардарæг Хуыцау — æркасти Йæ
адæммæ æмæ сæ ссæрибар кодта. 69Йæ лæг-
гадгæнæг Давиды байзæддагæй нын радта
хъомысджын Ирвæзынгæнæджы, 70рагзама-
ны Йæ сыгъдæг пехуымпарты дзыхæй куыд
хъусын кодта, афтæ. 71Уый мах фервæзын
кæндзæн не знæгтæй æмæ, æнæуынон кæ-
мæн стæм, уыдоны къухæй. 72Хуыцау зæрдæ
бавæрдта, Йæ хорзæхæй нæ фыдæлты кæй
схайджын кæндзæн, Йæ сыгъдæг фидыд Дзы
кæй нæ ферох уыдзæн, уымæй. 73Расомы
кодта нæ фыдæл Авраамæн, 74не знæгты къу-
хæй нæ кæй байсдзæни, уый тыххæй, 75æмæ
Йын лæггад кæндзыстæм æдасæй, цæмæй
цæргæбонты Йæ цæсты сыгъдæг æмæ раст
адæмыл нымад уæм. 76Дæу та, хъæбул, схон-
дзысты Иууылбæрзонды пехуымпар, уымæн
æмæ цæудзынæ Бардарæджы разæй, цæмæй
Йын фæндаг æрцæттæ кæнай 77æмæ Йын Йæ
адæмæн фехъусын кæнай, кæй фервæздзыс-
ты æмæ сын сæ тæригъæдтæ хатыргонд кæй
æрцæудзысты, 78уымæн æмæ нæ Хуыцау
уарзæгой æмæ барон у. Йæ хорзæхы руаджы
нын уæлæрвтæй рарвитдзæни Сæуæхсид,
79ныррухс кæндзæни, мæлæты тасимæ та-
ры йæ бонтæ чи æрвиты, уыдоны æмæ нæ
сараздзæн Хуыцауимæ фидыды фæндагыл».

80Сывæллон рæзыд æмæ фидар кодта уд
æмæ буарæй. Цалынмæ йын Израилы адæ-
мы размæ рацæуыны афон нæ ралæууыд,
уæдмæ цардис æдзæрæг рæтты.

**2** Уыцы рæстæг кесæр Август уынаффæ ра-
хаста æппæт бæстæйы цæрджыты сфыссыны
тыххæй. 2Ацы сфыст уыди фыццаг; арæзт
æрцыди, Сирийæн Квирини хицауиуæг куы
кодта, уыцы заманы. 3Алчи йæхи ныффыс-
сын кæнынмæ цыди йæхи сахармæ. 4Йосиф
дæр галилейаг сахар Назаретæй араст ис Иу-
деймæ, Вифлеем кæй хонынц, Давиды уыцы
сахармæ, уымæн æмæ Давиды байзæддаг
уыди. 5Йемæ ракодта йæ усаг Мариайы дæр,
цæмæй сæхи ныффыстаиккой. Мариа та йæ-
хи бар нæ уыди, 6æмæ Вифлеемы йæ арыны
афон æрцыд. 7Уыйадыл Фырт ныййардта.
Хæцъилты Йæ батыхта æмæ Йæ кæвдæсы
нывæрдта, уымæн æмæ сæм фысымуаты
бынат не 'рхаудис.

8Уырдæм æввахс, быдыры, уыдысты фый-
йæуттæ æмæ æхсæвы сæ фосы дзуг хъахъ-
хъæдтой. 9Æвиппайды Хуыцауы зæд сæ
разы февзæрди, æмæ Хуыцауы кадæй бæстæ
ныррухс ис. Фыййæуттæ фыр тæссæй сæхи
дæр нал æмбæрстой. 10Зæд сын загъта: «Ма
тæрсут, æз уæм æрцыдтæн, æппæт адæмæн
дæр стыр циндзинад чи æрхæсдзæн, уыцы
Фарны Уац фехъусын кæнынмæ: 11абон Да-
виды сахары райгуырди уæ Ирвæзынгæ-
нæг — Бардарæг Чырысти. 12Сывæллоны
баййафдзыстут хæцъилты тыхтæй, кæвдæсы
хуысгæйæ, æмæ Йæ базондзыстут уыцы
нысанæй». 13Зæды фарсмæ æваст фегуырди
æнæнымæц уæларвон æфсад. Уыдон кад-
джын кодтой Хуыцауы: 14«Кад Хуыцауæн
бæрзæндты, зæххыл та фарнимæ уæнт, Хуы-
цау кæуыл ауды, уыдон!» 15Зæдтæ сæ цурæй
уæларвмæ куы ссыдысты, уæд фыййæуттæ
сæ кæрæдзийæн загътой: «Уæдæ фæцæуæм
Вифлееммæ æмæ нæхи цæстæй фенæм, цы
дзы æрцыди æмæ нын Хуыцау цæй тых-
хæй фехъусын кодта, уый». 16Атындзыдтой
æмæ дзы Мариа æмæ Йосифы баййæфтой.
Сывæллон хуыссыди кæвдæсы. 17Куы сæм
бакастысты, уæд радзырдтой, Сывæллоны
тыххæй сын цы загъдæуыди, уый. 18Фый-
йæутты ныхæстæ, чи сæ фехъуыста, уыдоны
се 'ппæты дæр стыр дисы бафтыдтой. 19Ма-
риа та сæ йæ зæрдыл бадардта æмæ сыл арф
ныхъхъуыды кодта. 20Фыййæуттæ фæстæмæ
аздæхтысты, цы фехъуыстой æмæ цы федтой,
уыдæтты тыххæй кадджын кодтой Хуыцауы.
Алцы дæр рауад, зæд сын куыддæриддæр
загъта, афтæ.

21Аст боны фæстæ, Сывæллонæн Йæ сунæ-
ты афон куы ралæууыд, уæд Æй схуыдтой
Йесо. Зæд Ын уыцы ном рагацау радта, Йæ
мады гуыбыны дæр куы нæма сæвзæрди,
уæд.

22Моисейы Æгъдаумæ гæсгæ, ссыгъдæг
кæныны фæтк ахицæн кæныны афон куы

æрцыди, уæд Йесойы ахастой Йерусалиммæ,
Хуыцауы размæ, 23уымæн æмæ Хуыцауы
Æгъдауы фыст ис: «Алы хистæр зæнæг дæр,
лæппу куы уа, уæд лæвæрд æрцæуæд Хуыца-
уæн». 24Уыимæ, Хуыцауы Æгъдаумæ гæсгæ,
нывондæн хъуамæ æрхастаиккой «дыууæ
æхсинæджы кæнæ дыууæ лæппын бæлоны».

25Йерусалимы цардис иу рæстгæнæг, йæ
ном — Симеон. Уый уыди Хуыцауыл æнувыд
адæймаг æмæ æнхъæлмæ касти, Хуыцау Изра-
илы кæд фервæзын кæндзæн, уымæ. Симеон
хайджын уыди Сыгъдæг Удæй. 26Сыгъдæг Уд
ын раргом кодта, Хуыцау Кæй рарвита, ца-
лынмæ уыцы Чырыстийы фенай, уæдмæ нæ
амæлдзынæ, зæгъгæ. 27Сыгъдæг Уд æй сра-
зæнгард кодта Кувæндонмæ ацæуынмæ, æмæ,
Моисейы Æгъдау сæххæст кæныны тыххæй
Йесойы ныййарджытæ Сабийы Кувæндонмæ
куы бахастой, 28уæд Æй Симеон йæ хъæбысмæ
райста, арфæ ракодта Хуыцауæн æмæ загъта:
29«Бардарæг Хуыцау, Дæ цагъарæн зæрдæ
куыд бавæрдтай, афтæ мæ æрвитыс ныр фар-
нимæ: 30мæхи цæстæй федтон Дæ Ирвæзын-
гæнæджы, 31æппæт адæмты сæрвæлтау Кæй
æрцæттæ кодтай, уый. 32Мурталттæгтæн Уый
уыдзæни Дæу æргомгæнæг рухс, Дæ адæмæн,
Израилæн та — йæ кад». 33Йесойы тыххæй цы
загъта, уый диссаг фæкасти Сабийы фыд æмæ
мадмæ. 34Симеон сæ Хуыцауыл бафæдзæхс-
та æмæ Йесойы мад Мариайæн загъта: «Ацы
Сывæллоны тыххæй израилæгтæй бирæтæ
дæлæмæ æрхаудзысты æмæ бирæтæ сбæрзонд
уыдзысты. Уый расайдзæни быцæутæ, 35æмæ
афтæмæй бирæтæн сæ сусæг хъуыдытæ рар-
гом уыдзысты. Дæуæн дæхицæн дæр цыргъаг
дæ риуы иннæрдæм ахиздзæн».

36Уыди ма уым пехуымпар Аннæ дæр, Фа-
нуилы чызг, Асиры хæдзарвæндагæй, хæрз
зæронд сылгоймаг. Йæ лæгимæ авд азы йед-
дæмæ нæ ацард, 37афтæмæй идæдзæй баззад
æмæ йыл ныр цыппар æмæ цыппарыссæдз
азы рацыд. Кувæндонæй æддæмæ нæ цыди,
æхсæвæй-бонæй, ком даргæйæ æмæ кувгæ-
йæ, лæггад кодта Хуыцауæн. 38Уый дæр сæм
уыцы рæстæг бацыди, кадджын кодта Хуы-
цауы, Йерусалимы фервæзтмæ æнхъæлмæ
чи касти, уыдонæн дзырдта Йесойы тыххæй.

39Йосиф æмæ Мариа Хуыцауы Æгъдаумæ
гæсгæ æппæт дæр куы бакодтой, уæд раз-
дæхтысты Галилеймæ, кæм цардысты, уыцы
сахар Назаретмæ. 40Сывæллон рæзыд æмæ
фидар кодта, бонæй-бонмæ æфтыди Йæ
зондыл, Хуыцауы фарнæй хайджын уыди.

41Йесойы ныййарджытæ Куадзæны бæ-
рæгбоны æрвылаз Йерусалиммæ цыдысты.
42Лæппуйыл дыууадæс азы куы сæххæст ис,
уæд дæр та иннæ хæттытау ацыдысты. 43Бæ-
рæгбоны фæстæ сæхимæ куы раздæхтысты,
уæд æнахъом Йесо баззади Йерусалимы, Йæ
ныййарджытæ йæ нæ зыдтой, афтæмæй.
44Уыдон æнхъæлдтой, иннæтимæ æрбацæ-
уы, зæгъгæ, æмæ, иу бонцау куы адард сты,
уæд Æй хæстæджытæ æмæ зонгæты æхсæн
агурын райдыдтой. 45Куы никуы уыди, уæд
Йæ агурæг фæстæмæ Йерусалиммæ аздæх-
тысты. 46Æртæ боны фæстæ Йæ Кувæндо-
ны ссардтой. Йесо бадтис ахуыргæнджыты
æхсæн, хъуыста сæм æмæ сæ алцæмæйты
фарста. 47Чи Йæм хъуыста, уыдон Ын иууыл-
дæр Йæ зонд æмæ дзуаппытыл дис кодтой.
48Ныййарджытæ Йæ уым куы федтой, уæд
сæ дисæн кæрон нал уыд. Мад Ын загъта:
«Хъæбул, уый нын цы бакодтай? Тынг Дыл
мæт кодтам æмæ Дæ агуырдтам Дæ фыди-
мæ». 49Йесо сын загъта: «Æмæ Мæ цæмæн
агуырдтат? Нæ йæ зыдтат, Æз Мæ Фыды
хæдзары кæй хъуамæ уон, уый?» 50Фæлæ
Йæ уыдон нæ бамбæрстой.

51Йесо рацыди семæ, Назаретмæ æрбаз-
дæхтысты, æмæ алцæмæй дæр касти сæ ком-
мæ. Мад та уыцы цау йæ зæрдыл бадардта.
52Йесо куыд рæзыд, афтæ æнтыстджындæр
уыди уæлзондæй, æмæ Йæм фылдæр кодта
Хуыцау æмæ адæмы уарзондзинад.

**3** Уыцы цау æрцыди кесæр Тиверийы пад-
дзахиуæджы фынддæсæймаг аз. Уæд Понтий
Пилат хицауиуæг кодта Иудейы, Ирод — Га-
лилейы, йе ’фсымæр Филипп — Итурей æмæ
Трахониты, Лисани — Абилинийы, 2Анна
æмæ Каиафæ та алчертæ уыдысты. Заха-
риайы фырт Иоаннæн æдзæрæг быдыры
раргом ис Хуыцауы Дзырд. 3Уыйадыл Иоанн
Иорданы алфамбылай зилын райдыдта æмæ
адæмæн æмбарын кодта, сæ тæригъæдтæ
сын хатыргонд кæй æрцæудзысты, куы сыл
æрфæсмон кæной æмæ уый нысанæн до-
наргъуыд куы райсой, уæд. 4Пехуымпар
Исайайы чиныджы афтæ фыст ис: «Æдзæрæг
быдыры хъуысы фидиуæджы хъæлæс: „Æр-
цæттæ кæнут Бардарæгæн фæндаг, сæмраст
Ын кæнут Йæ цæуæнтæ. 5Алы дæлвæз дæр
уæлæмæ схæцæд йæхиуыл, алы хох æмæ
алы къуыбыр дæр æрныллæг уæд, гакъæттæ
сæмраст уæнт æмæ гуыргъахъхъ фæндæгтæ
сæмлæгъз уæнт. 6Уæд алы адæймаг дæр фен-
дзæн Хуыцауæй лæвæрд ирвæзындзинад“».

7Аргъауынмæ йæм цы бирæ адæм цыди,
уыдонæн Иоанн дзырдта: «Калмы цот! Чи
уын загъта, æмæ сымах сомбоны азарæй

аирвæздзыстут? 8Зæрдиагæй кæй æрфæсмон
кодтат, уый равдисут хъуыддагæй! Махæн
нæ фыдæл Авраам у, зæгъгæ, ахæм хъуыды
уæм ма æрцæуæд. Зæгъын уын: Хуыцауæн
ацы дуртæй дæр Йæ бон у Авраамæн цот
скæнын. 9Фæрæт ныридæгæн бæласы рæ-
бын цæттæйæ лæууы: йæ дыргъ цы бæласæн
нæ фæбæззы, уый акалынц æмæ йæ арты
баппарынц».

10Адæм фарстой Иоанны: «Цы гæнгæ нын
у?» 11Уый сын дзуапп лæвæрдта: «Дыууæ
хæдоны кæмæн ис, уый дзы иу, æппындæр
кæмæн нæй, уымæн раттæд; хойраг кæмæ ис,
уый дæр бакæнæд афтæ». 12Хъалонисджытæ
дæр æм аргъуыд райсынмæ æрбацыдысты
æмæ йæ бафарстой: «Ахуыргæнæг, цы гæнгæ
нын у?» 13Уый сын дзуапп радта: «Цы уын
æмбæлы, уымæй уæлдай адæмæй мацы
домут». 14Фарстой йæ æфсæддонтæ дæр:
«Махæн та цы гæнгæ у?» Иоанн сын загъта:
«Макæй стигъут æмæ тыхæй макæмæй мацы
исут — разы ут уæ мыздæй».

15Адæм Чырыстимæ тынг æнхъæлмæ
кастысты, æмæ дзы алчи йæхимидæг хъу-
ыды кодта, кæд Иоанн, мыййаг, Чырысти
у, зæгъгæ.

16Иоанн се 'ппæтæн дæр дзуапп лæвæрдта:
«Æз уыл аргъауын донæй, фæлæ æрбацæуы
мæнæй Тыхджындæр, æз Уымæн Йæ дза-
быры бос райхалыны аккаг дæр нæ дæн.
Уый уыл аргъаудзæни Сыгъдæг Удæй æмæ
артæй. 17Йæ фыййаг Йæ къухы ис, æмæ Йæ
мус ссыгъдæг кæндзæн. Мæнæу бафснай-
дзæни Йæ хордоны, зыгуым та басудздзæн
æнæхуысгæ арты».

18Иоанн ма адæмы разæнгард кодта ноджы
бирæ æндæр ныхæстæй, Фарны Уац сын
æмбарын кодта. 19Фæлæ хицау Иродæн йе
'фсымæры ус Иродиадæйы йæ цæстмæ куы
бадардта, стæй ма йын йæ иннæ фыдракæнд-
ты тыххæй куы бауайдзæф кодта, 20уæд æй
Ирод ахæстоны бакодта æмæ ма уымæй йæ
тæригъæдтæ ноджы фæфылдæр сты.

21Иоанн, иннæ адæмыл куы аргъуыдта,
уæд Йесойыл дæр саргъуыдта. Аргъуыд ис-
гæйæ, Йесо куывта, афтæмæй арвы дуар
фегом ис, 22Сыгъдæг Уд Æм бæлоны хуызы
æрцыд æмæ уæларвæй æрыхъуысти хъæлæс:
«Ды Мæ уарзон Фырт дæ, Æз Дæуыл аудын».

23Йесо Йæ лæггадмæ куы бавнæлдта, уæд
Ыл цыди дæс æмæ ссæдз азы бæрц. Адæм
куыд æнхъæл уыдысты, афтæмæй Уый уы-
ди Йосифы фырт, Йосиф та — Елиайы. Йæ
фыдæлтæ: 24Матфат, Левий, Мелхи, Иан-
най, Йосеф, 25Маттафи, Амос, Наум, Еслиа,
Наггей, 26Мааф, Маттафи, Семеин, Иосих,
Иода, 27Иоанан, Риса, Зоровавел, Шеалтиел,
Нери, 28Мелхи, Адди, Косам, Элмадам, Ир,
29Йесо, Елиезер, Иорим, Матфат, Левий, 30Си-
меон, Иудæ, Йосеф, Ионам, Елиаким, 31Мелеа,
Менна, Маттафа, Нафан, Давид, 32Йессей,
Овед, Боаз, Шелах, Нахшон, 33Аминадав,
Админ, Арни, Есром, Парец, Иудæ, 34Йаков,
Исаак, Авраам, Терах, Нахор, 35Серух, Рагав,
Пелег, Евер, Шелах, 36Каинан, Арфахсад, Сим,
Ной, Ламех, 37Мефушал, Енох, Йаред, Маха-
лаел, Кеинан, 38Енош, Шет, Адам, Хуыцау.

**4** Йесо, Сыгъдæг Удæй хайджынæй, æр-
баздæхти Иорданæй, æмæ Йæ Сыгъдæг Уд
акодта æдзæрæг быдырмæ. 2Уым Æй хæйрæг
дыууиссæдз боны фæлвæрдта. Уыцы бонты
Йесо ницы хордта æмæ фæстагмæ тынг сыс-
тонг ис. 3Хæйрæг Ын загъта: «Кæд Хуыцауы
Фырт дæ, уæд зæгъ ацы дурæн, æмæ дзул
феста». 4Йесо йын дзуапп радта: «Фыст ис:
„Айдагъ дзулæй нæ цæры адæймаг, фæлæ
Хуыцауы алы дзырдæй“».

5Уæд Æй хæйрæг бæрзонд ранмæ скодта,
цæсты фæныкъуылдмæ Йын дунейы пад-
дзахæдтæ иууылдæр февзæрын кодта Йæ
разы 6æмæ Йын загъта: «Æз Дын ратдзынæн
æппæт ацы паддзахæдтæ сæ кад æмæ сæ
хъомысимæ, уымæн æмæ мæнæн лæвæрд
сты, æмæ сæ раттын, кæмæн мæ бафæнды,
уымæн. 7Уæдæ мæм куы бакувай, уæд иу-
уылдæр уыдзысты Дæу». 8Йесо йын дзуапп
радта: «Фыст ис: „Кув дæ Хицау Хуыцаумæ
æмæ лæггад кæн æрмæстдæр Уымæн“».

9Уæд Æй хæйрæг акодта Йерусалиммæ, Ку-
вæндоны уæлхæдзарыл Æй æрлæууын кодта
æмæ Йын загъта: «Кæд Хуыцауы Фырт дæ,
уæд Дæхи ардыгæй фехс дæлæмæ, 10уымæн
æмæ фыст ис: „Йæ зæдтæн бафæдзæхсдзæ-
ни Дæу бахъахъхъæнын“; 11ноджыдæр ма:
„Сæ къухтыл Дæ ахæсдзысты, æмæ Дæ къах
дурыл дæр не скъуырдзынæ“». 12Йесо йын
дзуапп радта: «Загъд у: „Ма фæлвар дæ Хи-
цау Хуыцауы“». 13Хæйрæг Йесойы алы хуызы
дæр куы бафæлвæрдта, уæд Æй рæстæгмæ
Йæхи бар ныууагъта.

14Йесо æрбаздæхти Галилеймæ Сыгъдæг
Уды хъаруйæ хайджынæй, æмæ Йæ кой ай-
хъуыстис æппæт бæстæйыл. 15Адæмы аху-
ыр кодта сæ синагогæты, æмæ Йын уыдон
иууылдæр кад кодтой.

16Йесо ацыди, кæм схъомыл ис, уыцы На-
заретмæ. Куыд ахуыр уыди, афтæ сабаты
синагогæмæ бацыд æмæ слæууыд Сыгъдæг
Фыстæй бакæсынмæ. 17Пехуымпар Исайайы

чиныг Æм радтой. Байгом æй кодта æмæ
ссардта мæнæ ацы ныхæстæ:
18«Мæныл ис Дунедарæджы Уд, уымæн
æмæ Мæ Хуыцау байсæрста мæгуыртæн
Фарны Уац фехъусын кæнынмæ: уацайрæгтæ
кæй ссæрибар уыдзысты, куырмытæ кæй
ракæсдзысты сæ цæстæй, æфхæрд адæм сæ
хъизæмарæй кæй фервæздзысты æмæ 19Ду-
недарæгæн Йæ хорзæхы аз кæй ралæууыд».
20Йесо сæхгæдта чиныг, радта йæ лæггадгæ-
нæгмæ æмæ æрбадти. Синагогæйы чидæ-
риддæр уыди, уыдон Дзы сæ цæстытæ нал
истой. 21Æмæ сын Уый райдыдта дзурын:
«Ацы пехуымпар ныхас сæххæст абон — куы
йæм хъуыстат, уæд».
22Иууылдæр Йемæ разы уыдысты, Йæ
фæрнæйдзаг ныхæстæ сæ дисы æфтыдтой
æмæ кæрæдзийæн дзырдтой: «Йосифы фырт
нæу, æви?» 23Йесо сын загъта: «Сымах Мын,
кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм æмбисонд
æрхæсдзыстут: „Дохтыр, Дæхи уал сдзæбæх
кæн“. Ноджы ма Мын зæгъдзыстут: „Мах фе-
хъуыстам, Капернаумы цытæ сарæзтай, уый,
æмæ ахæм диссæгтæ ам, Дæхи сахары дæр,
сараз“. 24Фæлæ уын, æцæг цы у, уый зæгъын:
иунæг пехуымпарæн дæр йæ фыдыбæстæйы
кад нæ вæййы. 25Æцæг уын зæгъын, æцæг:
Илийайы заманы бирæ идæдз сылгоймæг-
тæ уыдис Израилы. Уæд арвæй æртæ азы
æмæ æхсæз мæйы дæргъы къæвдайы æртах
не ’рхауд, æмæ æппæт бæстæйы дæр стонг
рæстæг скодта. 26Фæлæ уыдонæй иумæ дæр
Илийа æрвыст нæ уыди — сидойнаг Сареп-
тæйы цы идæдз сылгоймаг уыд, уымæ уыдис
æрвыст. 27Бирæ хъотырджынтæ уыди пеху-
ымпар Елисейы заман Израилы, фæлæ дзы
иу дæр не ссыгъдæг ис — æрмæстдæр сириаг
Нееман ссыгъдæг ис». 28Уыцы ныхæстæм,
синагогæйы цы адæм уыди, уыдон се ’ппæт
дæр тынг смæсты сты. 29Сæ бынæттæй фес-
тадысты æмæ Йæ, сæ сахар цы хохыл уыди,
уый сæрмæ акодтой, цæмæй йæ рындзæй
аппарой. 30Фæлæ Йесо йæхи айста се ’хсæнты
æмæ уырдыгæй ацыди.
31Æрцыд галилейаг сахар Капернауммæ
æмæ сабаты ахуыр кодта адæмы. 32Дисы
сæ æфтыдта Йæ ахуырад, уымæн æмæ бар-
джынæй дзырдта. 33Синагогæйы уыди хæй-
рæдджын адæймаг. Уый ныхъхъæр кодта:
34«Цы Дæ хъæуы махæй, Назаретаг Йесо? Ды
нæ фесафынмæ æрбацыдтæ! Æз зонын, Чи
дæ, уый — Ды Хуыцауы Сыгъдæг дæ». 35Йе-
со дæлимонæн тызмæгæй загъта: «Банцай
æмæ æддæмæ рахиз». Дæлимон, кæй ми-
дæг уыди, уыцы адæймаджы синагогæйы
астæу зæххыл ныццавта æмæ дзы рацыд,
ницы зиан ын ракодта, афтæмæй. 36Адæм
иууылдæр дисы бафтыдысты æмæ дзырдтой
кæрæдзийæн: «Цавæр хъомыс æмæ тых ис
Йæ ныхасы? Æнæзæгъинæгтæ Йæ бардзырд-
мæ гæсгæ хæйрæдджынты ныууадзынц
æмæ æддæмæ рахизынц». 37Æмæ Йесойы
кой айхъуысти Капернаумы алфамбылай.
38Йесо синагогæйæ ацыди Симоны хæ-
дзармæ. Симоны усы мад тынг тыхсти тæвд-
низæй, æмæ Йесомæ бахатыдысты, цæмæй
йæ сдзæбæх кæна. 39Йесо йæ цуры æрлæу-
уыд, низæн йæ тых басаста, æмæ рынчын
сдзæбæх ис. Уыйадыл сылгоймаг сыстади
æмæ сын лæггад кæнын райдыдта.
40Исты низæй рынчын йæ хæдзары кæ-
мæндæриддæр уыди, — хурныгуылдыл Æм
сæ æрбалæууын кодтой. Уый та-иу сыл Йæ
къухтæ æрæвæрдта æмæ-иу сдзæбæх сты.
41Бирæты фервæзын кодта дæлимонты ахæс-
тæй, хæйрæджытæ-иу, хъæргæнгæ, æддæмæ
рацыдысты: «Ды Хуыцауы Фырт дæ!» Фæлæ
сын Йесо дзурыны бар нæ лæвæрдта, уымæн
æмæ уыдон зыдтой, Чырысти кæй у, уый.
42Куы æрбабон ис, уæд Йесо сахарæй ра-
цыд æмæ хибар ранмæ Йæхи айста. Адæм
Æй æрцагуырдтой æмæ Йæм бацыдысты,
лæгъстæ Йын кодтой, цæмæй семæ баззайа.
43Уый сын загъта: «Æз хъуамæ иннæ сахар-
тæн дæр Хуыцауы Паддзахады Фарны Уац
фехъусын кæнон, уымæн æмæ уый тыххæй
æрвыст дæн». 44Æмæ Фарны Уац дарддæр
хъусын кодта Иудейы синагогæты.

**5** Иуахæмы Йесо Геннисареты цады был
лæууыд, æмæ Йæм Хуыцауы ныхасмæ бай-
хъусынмæ адæм уырдæм гуылф кодтой. 2Йе-
со фæкасти æмæ цады ауыдта дыууæ бæлæ-
гъы лæугæ — кæсагахсджытæ рахызтысты
æмæ сæ хызтæ æхсадтой. 3Йесо бæлæгътæй
иумæ, Симоны чи уыд, уыцы бæлæгъмæ
бахызти æмæ йын йæ хицаумæ бахатыд,
былæй иу чысыл адарддæр уæм, зæгъгæ.
Сбадти бæлæгъы æмæ афтæмæй ахуыр кодта
адæмы. 4Йæ ныхас куы фæци, уæд Симо-
нæн загъта: «Дон арфдæр кæм у, уырдæм
бацу, æмæ дзы уæ хызтæ баппарут». 5Симон
Ын дзуапп радта: «Ахуыргæнæг, мах æнæ-
хъæн æхсæв фæфыдæбон кодтам æмæ ницы
æрцахстам. Фæлæ кæд Дæу афтæ фæнды,
уæд баппардзынæн хызтæ». 6Сæ хызтæ куы
баппæрстой, уæд уый бæрц кæсаг æрцахс-
той, æмæ ма суанг сæ хызтæ дæр скъуыйын
райдыдтой. 7Иннæ бæлæгъы чи уыд, уыцы
æмбæлттæм сæ къухтæ фæтылдтой, цæмæй

сын феххуыс кæной. Æрбацыдысты сæм,
æмæ дыууæ бæлæгъы дæр афтæ байдзаг
сты, æмæ фæцæйдæлдон кодтой. 8Симон
Петр уый куы федта, уæд Йесойы раз йæ
зонгуытыл æрхауд æмæ Йын ныллæгъстæ
кодта: «Мæ Хицау, ныууадз мæ, æз тæри-
гъæдджын адæймаг дæн». 9-10Уымæн æмæ
йæхæдæг дæр æмæ, йемæ чи уыди, уыдон
дæр, се 'хсæн — Симоны æмбæлттæ Йаков
æмæ Иоанн, Зеведейы фырттæ, уый бæрц
кæсæгтæ куы федтой, уæд тынг фæтарс-
тысты. Фæлæ Йесо загъта Симонæн: «Ма
тæрс. Нырæй фæстæмæ адæмахсæг уыдзы-
нæ». 11Кæсагахсджытæ дыууæ бæлæгъы дæр
былмæ раластой, æд кæсæгтæ æмæ сæ æд
хызтæ уым ныууагътой æмæ сæхæдæг Йе-
сойы фæдыл ацыдысты.

12Сахартæй иуы Йесо фембæлд, йæ бу-
ар æнæхъæнæй дæр хъотырæй кæмæн нал
зынди, ахæм лæгыл. Уый Йесойы куы федта,
уæд Йæ разы зæххыл ныддæлгом ис æмæ
Йын лæгъстæ кодта: «Бардарæг, Дæу куы
бафæнда, уæд мæ ссыгъдæг кæндзынæ».
13Йесо Йæм Йæ къух бадардта, бандзæвыд ыл
æмæ загъта: «Фæнды Мæ, ссыгъдæг у». Æмæ
рынчын уайтагъд йæ хъотырæй сдзæбæх ис.
14Йесо йын бафæдзæхста: «Макæмæн æй
зæгъ, фæлæ ацу, дæхи сауджынæн фенын
кæн æмæ, кæй ссыгъдæг дæ, уый тыххæй,
Моисей куыд бафæдзæхста, афтæ нывонд
æрхæсс, кæй сдзæбæх дæ, уымæн æвди-
сæйнагæн». 15Фæлæ уæддæр Йесойæн Йæ
кой дæрдтыл айхъуысти, æмæ Йæм адæм
гуылф кодтой — байхъусынмæ æмæ сæхи
сдзæбæх кæнынмæ. 16Йесо-иу Йæхи æдзæ-
рæг рæттæм айста æмæ куывта.

17Иуахæмы та Йесо адæмы ахуыр кодта,
æмæ се 'хсæн фарисейтæ æмæ динамон-
джытæ дæр уыди — уыдон æрбамбырд сты
Галилей æмæ Иудейы алы хъæутæй, стæй Йе-
русалимæй. Хуыцауы хъаруйæ Йесо дзæбæх
кодта рынчынты. 18Уæд Æм чидæртæ æн-
дзыгнизæй рынчын адæймаджы хуыссæныл
æрбахастой, цæмæй йæ бахæссой хæдзармæ
æмæ йæ Йесойы раз æрæвæрой. 19Фæлæ дзы
адæмæй бацæуæн нæ уыди, æмæ уæлхæдзар-
мæ схызтысты, æмбæрзæндуртæ фелвæстой
æмæ рынчыны æд хуыссæн царæй уаты хæд
астæумæ, Йесойы размæ, æруагътой. 20Йесо
сын федта сæ уырнындзинад æмæ рынчы-
нæн загъта: «Хорз лæг, хатыргонд дын сты
дæ тæригъæдтæ». 21Динамонджытæ æмæ
фарисейтæ сæхимидæг райдыдтой дзурын:
«Уый хæрам ныхас нæу? Иунæг Хуыцауы
йеддæмæ тæригъæдтæ хатыр кæнын кæй
бон у?» 22Йесо сын бамбæрста сæ хъуыдытæ
æмæ сын загъта: «Цæмæн уæм афтæ кæсы?
23Хатыргонд дын сты дæ тæригъæдтæ, зæгъ-
гæ, æнцондæр у зæгъын æви: „Рабад æмæ
райдай цæуын“? 24Уæдæ зонут: Адæйма-
джы Фыртæн зæххыл ис тæригъæдтæ хатыр
кæныны бар». Æмæ загъта æндзыгнизæй
рынчынæн: «Дæумæ дзурын, рабад, сис дæ
хуыссæн æмæ дæ хæдзармæ ацу». 25Рынчын
уайтагъд рабадти, фелвæста йæ хуыссæн
æмæ, Хуыцауæн кад кæнгæйæ, ацыди йæ
хæдзармæ. 26Уæд се 'ппæт дæр дисы баф-
тыдысты æмæ кад кодтой Хуыцауæн. Тас
сæ бацыди æмæ дзырдтой: «Абон федтам
диссаджы хъуыддæгтæ».

27Уый фæстæ Йесо уырдыгæй рацыди. Кæ-
сы, æмæ иу хъалонисæг, Левий, хъалонисæн
бынаты бады. Йесо йын загъта: «Мæ фæдыл
рацу». 28Левий алцыдæр фæуагъта, фестад
æмæ ацыди Йæ фæдыл.

29Левий Йесойæн йæ хæдзары æрæвæрдта
хъæздыг фынг. Фынгыл Йемæ бадти бирæ
хъалонисджытæ, стæй ма дзы æндæр адæм
дæр дзæвгар уыд. 30Фарисейтæ æмæ дин-
амонджытæ хъуыр-хъуыр кодтой æмæ Йесо-
йы ахуыргæнинæгтæн дзырдтой: «Хъалонис-
джытимæ æмæ тæригъæдджынтимæ цæмæн
хæрут æмæ нуазут?» 31Йесо сын дзуапп радта:
«Дохтыр æнæнизты нæ, фæлæ рынчынты
хъæуы. 32Æз æрцыдтæн рæстытæм нæ, фæлæ
тæригъæдджынтæм фæсидынмæ, цæмæй сæ
тæригъæдтыл æрфæсмон кæной».

33Уæд Ын фарисейтæ æмæ динамонджытæ
загътой: «Иоанны ахуыргæнинæгтæ æдзух-
дæр ком дарынц æмæ кувынц, афтæ — фари-
сейты ахуыргæнинæгтæ дæр, Дæ ахуыргæ-
нинæгтæ та хæрынц æмæ нуазынц». 34Йесо
сын загъта: «Сиахсаг цалынмæ чындзхæс-
джытимæ уа, уæдмæ сæ ком дарыныл баф-
таудзыстут, мыййаг? 35Фæлæ сын иу афон
сиахсаджы куы акæной, уæд дардзысты ком».
36Фæсномыг ныхас дæр сын ракодта: «Ног
дарæсæй гæппæл ничи скъуыны æмæ дзы
зæронд дарæс не 'мпъузы. Науæд ног дарæс
дæр ныскъуыдтæ уыдзæн, зæронд дарæсыл
дæр æмпъузæн не сбаддзæн. 37Ногдыгъд сæн
дæр зæронд лалымты ничи кæны, уымæн
æмæ ног сæн лалымтæ арæмудздзæн, æмæ
йæхæдæг дæр æнæ æфтиагæй баззайдзæн,
стæй лалымтæ дæр фесæфдзысты.

38Ногдыгъд сæн ног лалымты ныккæнын
хъæуы, цæмæй сæ дыууæ дæр баззайой æнæ-
хъæнæй. 39Зæронд сæнæй чи బануазы, уый
ног сæн нал фæхъæуы, уымæн æмæ фæзæ-
гъы: „Зæронд хуыздæр у“».

**6** Иу сабаты Йесо æфсирджын хоры ху-
ымтыл фæцæйцыд. Йæ ахуыргæнинæг-
тæ-иу æфсиртæ ратыдтой, сæ къухты-иу
сæ ауыæрстой æмæ-иу сын сæ нæмгуытæ
ахордтой. 2Фарисейтæй сын чидæртæ загъ-
той: «Сабаты цы не ’мбæлы, уый цæмæн
кæнут?» 3Йесо сын дзуапп радта: «Давид йе
’мбæлттимæ куы сыстонг ис, уæд цы бакодта,
уый тыххæй нæ кастыстут, æви? 4Бацыди
Хуыцауы хæдзармæ æмæ райста, æрмæст
сауджынтæн кæмæй æмбæлд хæрын, уыцы
кувæггаг дзултæй, æмæ дзы йæхæдæг дæр
бахордта, стæй ма дзы йе ’мбæлттæн дæр
радта». 5Ноджы ма сын загъта: «Адæймаджы
Фырт сабатæн йæ хицау у».

6Иннæ сабаты Йесо бацыди синагогæмæ
æмæ ахуыр кодта адæмы. Уыдис дзы, йæ
рахиз къух хуыскъ кæмæн уыди, ахæм лæг.
7Динамонджытæ æмæ фарисейтæ сæ цæст
дардтой Йесомæ, ома кæд сабаты искæй
сдзæбæх кæна, уæд Æй фæазымджын кæн-
дзыстæм, зæгъгæ. 8Фæлæ сын Йесо зыдта
сæ хъуыдытæ æмæ, йæ къух хуыскъ кæмæн
уыди, уыцы лæгæн загъта: «Сыст æмæ адæ-
мы размæ рацу». Уый сыстади æмæ адæмы
размæ рацыди. 9Уæд сын Йесо загъта: «Æз
уæ фæрсын, сабаты хорз кæнын æмбæлы
æви æвзæр? Уд фервæзын кæнын æви йæ
фесафын?» 10Йесо се ’ппæтыл дæр Йæ цæст
ахаста, æмæ цæнкуылæн загъта: «Æрбадар-
ма Мæм дæ къух». Уый афтæ бакодта, æмæ
йæ къух адзæбæх ис.

11Динамонджытæ æмæ фарисейтæн сæ
маст фыхти Йесомæ æмæ уынаффæтæ код-
той, цы Йын бакæной, ууыл.

12Иуахæмы Йесо хохмæ ссыди кувынмæ,
æмæ æнæхъæн æхсæв уым, Хуыцаумæ кув-
гæйæ, арвыста. 13Куы æрбабон ис, уæд фæ-
дзырдта Йæ ахуыргæнинæгтæм, равзæрста
дзы дыууадæсы æмæ сæ схуыдта апостолтæ:
14Петр, зæгъгæ, кæй схуыдта, уыцы Симоны
æмæ уый æфсымæр Андрейы, уыдонимæ
ма — Йаковы, Иоанны, Филиппы, Варфоло-
мейы, 15Матфейы, Фомайы, Алфейы фырт
Йаковы, фæсномыгæй Зилот кæй хуыдтой,
уыцы Симоны, 16Йаковы фырт Иудæйы æмæ,
Йесойыл фæстæдæр гадзрахатæй чи рацыди,
уыцы Иудæ Искариоты.

17Йесо семæ хохæй æрцыди æмæ фæзы æр-
лæууыд. Уырдæм æрæмбырд сты Йæ бирæ
ахуыргæнинæгтæ дæр, ноджы ма æгас Иудей
æмæ Йерусалимæй, стæй денджызы былгæ-
ронæй — Тир æмæ Сидонæй æрцæуæг адæм.
18Уыдон Æм æрцыдысты байхъусынмæ æмæ
сæ низтæй фервæзынмæ. Æнæзæгъинæгты
ахæсты чи уыди, уыдон дæр-иу сдзæбæх сты.
19Æмæ адæм иууылдæр архайдтой Йесойыл
бандзæвыныл, уымæн æмæ, Уымæй цы тых
цыд, уый се ’ппæты дæр дзæбæх кодта.

20Йесо Йæ ахуыргæнинæгтыл Йæ цæст
ахаста æмæ райдыдта дзурын: «Тæхудиаг
стут, Хуыцауы сæраппонд мæгуыр чи у, —
Хуыцауы Паддзахад сымах у.

21Тæхудиаг стут, абоны æххормæгтæ, —
Хуыцау уæ бафсаддзæн. Тæхудиаг стут, абон
кæугæ чи кæны, уыдон, — сымах худдзыстут.

22Тæхудиаг уыдзыстут, Адæймаджы Фыр-
ты тыххæй адæмæн æнæуынон куы суат,
хъоды уыл куы бакæной, цъыф уыл куы ка-
лой æмæ уын уæ ном куы сæгад кæной, уæд.
23Цин кæнут уыцы бон æмæ райут — уæлар-
вы уæм æнхъæлмæ кæсы стыр хорзæх: ацы
адæмæн сæ фыдæлтæ дæр пехуымпартæн
афтæ кодтой.

24Фæлæ сар уæ сæр, хъæздгуытæ, — сымах
ныридæгæн уæ хорзæхы хай райстат.

25Сар уæ сæр, абоны фырæфсæстытæ, —
сымах сыстонг уыдзыстут. Сар уæ сæр, абоны
цингæнджытæ, — сымах кæудзыстут æмæ
дзыназдзыстут.

26Сар уæ сæр, адæм иууылдæр уæ хор-
зы кой куы кæной, уæд: ацы адæмы фы-
дæлтæ дæр мæнгпехуымпартæй афтæ
æппæлыдысты.

27Фæлæ Æз сымахæн, Мæнмæ хъусджы-
тæ, зæгъын: уарзут уе знæгты, хорз кæнут,
сымахæй йе сæфт чи уыны, уыдонæн, 28уе
’лгъитджытæн хорзæх курут Хуыцауæй, уе
’фхæрджыты тыххæй кувут. 29Де ’хсæрфарс
дын чи ныццæва, уымæ бадар иннæ дæр.
Æмæ дын исчи дæ пæлæз куы иса, уæд ын
ратт дæ хæдон дæр. 30Чи дæ кура, уымæн
ратт æмæ, цы дæ айсой, уый фæстæмæ ма-
уал агур.

31Адæмæй цæмæ æнхъæлмæ кæсут, уый-
иу сын уæхæдæг дæр кæнут.

32Чи уæ уарзы, уыдоны куы уарзат, уæд
уый тыххæй цавæр хорзæхы аккаг стут? Тæ-
ригъæдджынтæ дæр уарзынц, чи сæ уарзы,
уыдоны. 33Хорзы уын чи цæуы, уыдонæн
хорздзинад куы кæнат, уæд уый тыххæй
цавæр хорзæхы аккаг стут? Тæригъæдджын-
тæ дæр афтæ кæнынц. 34Йæ бафидынæй уæ
ныфс кæмæй ис, кæд æфстау уыдонæн дæт-
тут, уæд уый тыххæй цавæр хорзæхы аккаг
стут? Тæригъæдджынтæ дæр æфстау фæ-
дæттынц тæригъæдджынтæн, цæмæй, цас
радтой, уый бæрц фæстæмæ райсой. 35Фæлæ
уарзут уе знæгты, хорз кæнут æмæ æфстау
дæттут, фæстæмæ исты кæй райсдзыстут,

уымæ æнхъæлмæ нæ кæсгæйæ. Уæд уын
уыдзæни стыр хæрзиуæг, æмæ уыдзыстут
Иууылбæрзонды хъæбултæ — Уый æбуз-
ныгтæм дæр æмæ фыдзæрдæтæм дæр хорз
цæстæй кæсы. 36Уæдæ хæрзгæнæг ут, уæ
Фыд хæрзгæнæг куыд у, афтæ.
37Тæрхонгæнæг макæмæн ут, æмæ уын
Хуыцау дæр не стæрхон кæндзæн. Макæй
фаут, æмæ уæ Хуыцау дæр нæ рафаудзæн.
Хатыр кæнут, æмæ уын Уый дæр ныххатыр
кæндзæн. 38Дæттут æмæ райсдзыстут — уæ
фæччийы уын æркалдæуыдзæн раст, хæрз-
над æмæ йедзаг барæнæй — цы барæнæй
барут, уыцы барæнæй сбарстæуыдзæн сы-
махæн дæр».
39Йесо сын фæсномыг ныхас дæр ракодта:
«Куырм куырмæн фæндаг куыд амондзæн?
Сæ дыууæ дæр дзыхъхъы нæ ныххаудзысты,
æви? 40Ахуыргæнинаг йæ ахуыргæнæгæй
уæлдæр нæу; фæлæ йæ ахуыр кæронмæ чи
фæуа, уый суыдзæнис йæ ахуыргæнæджы
хуызæн. 41Де 'фсымæры цæсты æрду куы уы-
ныс, уæд дæхи цæсты къала бæлас цæуылнæ
фиппайыс? 42Куыд дзурыс де 'фсымæрæн,
æри-ма, дæ цæстæй дын æрду райсон, зæгъ-
гæ, кæд æмæ дæхи цæсты къала бæлас нæ
уыныс, уæд? Дыдзæсгом! Дæхи цæстæй уал
къала бæлас райс, цæмæй, де 'фсымæры цæс-
тæй æрду куыд райсын хъæуы, уый фенай.
43Хорз бæлас æвзæр дыргъ нæ дætты, стæй
хорз дыргъ дæр низдæын бæласыл нæ за-
йы. 44Алы бæлас дæр йæ дыргъæй бæрæг
вæййы: какон сындзæй легъуи не 'ртон-
дзынæ, сындзкъутæрæй та — сæнæфсир.
45Хорз адæймаг йæ зæрдæйы хæзнадонæй
æддæмæ хорзæй исты рахæссы, фыдзæрдæ
адæймаг та фыдæхы къæбицæй — фыдæх.
Уымæн æмæ, зæрдæйы цы ис, дзыхæй дæр
уый цæуы.
46Цы уын зæгъын, уый куы нæ кæнут, уæд
Мæм „Хицау, Хицау!“ цæмæн дзурут? 47Мæн-
мæ æрцæуджытæй Мæ ныхæстæм чи хъусы
æмæ сæ чи æххæст кæны, уыцы адæймаг
кæй хуызæн у, уый уын зæгъдзынæн. 48Уый
у, арф дзыхъхъ чи скъахта æмæ йæ хæдзар
дурын бындурыл чи сæвæрдта, ахæм хæ-
дзаргæнæджы хуызæн. Дон раивылди æмæ
уыцы хæдзарыл ахæцыд, фæлæ йæ фенкъу-
ысын кæнын нæ бафæрæзта, уымæн æмæ
йæ бындур фидар уыд. 49Мæ ныхæстæм чи
хъусы æмæ сæ чи не 'ххæст кæны, уый та у,
йæ хæдзар зæххыл æнæ бындурæй чи са-
рæзта, ахæм адæймаджы хуызæн. Куыддæр
хæдзарыл дон ахæцыд, афтæ ныккалди æмæ
дурты кæри фестад».

7 Йесо адæмимæ Йæ ныхас куы фæци, уæд
ацыди Капернауммæ. 2Иу сæдæйыхицауæн
йæ лæггадгæнæг фæрынчын ис æмæ мæлæ-
ты къахыл ныллæууыд. Йæ лæггадгæнæг ын
тынг зынаргъ уыд, æмæ, 3Йесойы кой куы
фехъуыста, уæд Æм иудейæгты хистæрты
хонæг арвыста, цæмæй йæм æрцæуа æмæ
йын йæ лæггадгæнæджы сдзæбæх кæна.
4Уыдон ацыдысты Йесомæ æмæ Йын ныл-
лæгъстæ кодтой: «Сæдæйыхицау уый аккаг у,
æмæ йын Ды баххуыс кæнай — 5нæ адæмыл
нын ауды æмæ нын синагогæ дæр уый са-
рæзта». 6Йесо рацыди семæ. Йæ хæдзармæ
йын куы баввахс ис, уæд Ын сæдæйыхицау
Йæ размæ йæ хæлæртты рарвыста афтæ зæ-
гъынмæ: «Хицау, Дæхи ма тыхсын кæн. Æз
уый аккаг нæ дæн, æмæ Ды мæ хæдзармæ
бацæуай. 7Уымæ гæсгæ æз мæхи дæр нæ
банымадтон Дæумæ фæцæуыны аккагыл.
Фæлæ Дæ дзыхæй æрмæст ныхас рацæуæд,
æмæ мæ лæггадгæнæг сдзæбæх уыдзæн.
8Уымæн æмæ æз мæхæдæг дæр дæлбар лæг
дæн, æмæ мæ дæлбар дæр ис æфсæддонтæ.
Иуæн дзы фæзæгъын: „Ацу уырдæм“, æмæ
ацæуы; иннæмæн: „Ардæм рацу“, æмæ æр-
бацæуы. Мæ цагъарæн фæзæгъын: „Уый
бакæн“, æмæ йæ бакæны». 9Йесо уый куы
фехъуыста, уæд бадис кодта, разылди, Йæ
фæдыл цы бирæ адæм цыдис, уыдонмæ æмæ
загъта: «Зæгъын уын, Израилы дæр Æз ахæм
уырнындзинад нæ федтон». 10Æрвыст лæгтæ
хæдзармæ куы раздæхтысты, уæд рынчыны
дзæбæхæй баййæфтой.
11Уый фæстæ Йесо ацыди, Наин кæй ху-
ыдтой, уыцы сахармæ. Йемæ ацыдысты
Йæ ахуыргæнинæгтæ æмæ бирæ æндæр
адæм. 12Сахары кулдуармæ куы баввахс ис,
уæд дзы мард рацæйхастой — идæдз усы
иунæг лæппуйы. Сылгоймагимæ сахарæй
рацыди бирæ адæм. 13Йесо идæдз усы куы
федта, уæд ын фæтæригъæд кодта æмæ йын
загъта: «Ма ку». 14Бацыд æмæ сынтмæ Йæ
къухæй бавнæлдта. Сынтхæсджытæ æрлæу-
уыдысты. Уæд Йесо загъта: «Лæппу, дæумæ
дзурын, рабад». 15Мард йæхиуыл схæцыди,
рабадт æмæ райдыдта дзурын. Уæд æй Йесо
йæ мады бар ныууагъта. 16Адæмы зæрдæ-
ты тас бацыд, æмæ кад кодтой Хуыцауæн:
«Стыр пехуымпар фæзынди не 'хсæн, æмæ
Хуыцау æркасти Йæ адæммæ». 17Йесойы кой
айхъуыст æгас Иудейы æмæ йæ алфамбылай.
18Иоаннæн йæ ахуыргæнинæгтæ æппæт
уыдæтты тыххæй фехъусын кодтой. 19Иоанн
дзы дыууæмæ фæсидти æмæ сæ арвыста
Хицау Йесойы бафæрсынмæ: «Æрцæуинаг

Чи у, Уый Ды дæ, æви æндæрмæ æнхъæлмæ
кæсæм?» 20Уыдон æрбацыдысты Йесомæ
æмæ Йын загътой: «Аргъауæг Иоанн нæ
Дæумæ рарвыста бафæрсынмæ: „Æрцæуинаг
Чи у, Уый Ды дæ, æви æндæрмæ æнхъæлмæ
кæсæм?“» 21Уæдмæ Йесо бирæ адæмы фер-
вæзын кодта алыхуызон низтæй, æнæзæгъи-
нæгтæй, бирæ куырмыты цæстæй ракæсын
кодта. 22Æмæ æрвыст лæгтæн дзуапп радта:
«Цæут æмæ зæгъут Иоаннæн, цы федтат
æмæ цы фехъуыстат, уый: куырмытæ рай-
дыдтой уынын, къуылыхтæ слæууыдысты
сæ къахыл, хъотырджынтæ сдзæбæх сты,
къуырматæ райдыдтой хъусын, мæрдтæ æгас
кæнынц, мæгуыртæ Фарны Уац хъусынц.
23Æмæ тæхудиаг у, Мæныл чи нæ фæды-
зæрдыг уа, уый!»

24Иоанны минæвæрттæ куы аздæхтысты,
уæд Йесо адæмæн Иоанны тыххæй дзурын
райдыдта: «Æдзæрæг быдыры цы фенын
æнхъæл уыдыстут? Дымгæ кæй æнкъуысы,
уыцы хъæз? 25Уæддæр цы фенын æнхъæл
уыдыстут? Зынаргъ дарæс кæуыл ис, ахæм
адæймаджы? Фырхъæздыг дарæсы чи цæуы
æмæ хъал цард чи кæны, уыдон паддзæхты
галуанты цæрынц. 26Фæлæ сымах уæддæр
кæй фенын æнхъæл уыдыстут? Пехуым-
пары? О, зæгъын уын, пехуымпарæй дæр
уæлдæры. 27Иоанн у, афтæ кæй тыххæй фыст
ис: „Мæнæ Æз Мæ фидиуæджы æрвитын Дæ
разæй, æмæ Дын уый æрцæттæ кæндзæни
Дæ развæндаг“. 28Зæгъын уын: сылгойма-
гæй чи райгуырд, уыдоны æхсæн Аргъауæг
Иоаннæй стырдæр нæй, фæлæ, Хуыцауы
Паддзахады æппæты къаддæр чи у, уый та
у Иоаннæй стырдæр.

29Иоаннмæ чи хъуыста, æппæт уыцы адæм,
суанг хъалонисджытæ дæр, Хуыцауы фæн-
дон банымадтой растыл æмæ донаргъуыд
райстой Иоаннæй. 30Фарисейтæ æмæ дин-
амонджытæ та Хуыцауы коммæ нæ бакас-
тысты æмæ донаргъуыд нæ райстой.

31Уæдæ кæуыл абарон ацы адæмы фæл-
тæр? Кæй хуызæн сты? 32Сывæллæтты ху-
ызæн сты, сахары фæзы чи бады æмæ кæ-
рædзийæн афтæ чи зæгъы: „Мах уын уадын-
дзæй цагътам, æмæ сымах нæ кафыдыстут;
мах уын хъарджытæ кодтам, æмæ сымах нæ
куыдтат“. 33Уымæн æмæ æрцыд Аргъауæг
Иоанн, дзул дæр нæ хæры, сæн дæр нæ ну-
азы, æмæ дзы зæгъут: „Хæйрæджджын у“.
34Æрцыдис Адæймаджы Фырт, хæры æмæ
нуазы, æмæ Дзы зæгъут: „Мæнæ гуыбын-
дзæл æмæ расыггæнаг, хъалонисджыты
æмæ тæригъæдджынты лымæн“. 35Фæлæ
Хуыцауы уæлзондæн йæ цот се ’ппæт дæр
æвдисæн сты».

36Фарисейтæй иу чидæр Йесойы йæ хæ-
дзармæ сихор хæрынмæ фæхуыдта. Йесо
бацыди фарисейы хæдзармæ æмæ фынгыл
æрбадти. 37Уыцы сахары иу тæригъæдджын
сылгоймаг базыдта, Йесо фарисейы хæдзары
фынджы уæлхъус кæй бады, уый æмæ æр-
бахаста миррæйæ йедзаг дурын. 38Йесойы
фæстæ, Йæ къæхты цур, æрлæууыд æмæ
куыдта. Йæ цæссыгтæ Йесойы къæхтыл кал-
дысты, æмæ сæ йæ дзыккутæй сæрфта, Йæ
къæхтæн Ын батæ кодта æмæ сæ миррæйæ
сæрста. 39Йесойы фысым, фарисей, уый куы
федта, уæд ахъуыды кодта: «Ай æцæгдæр
пехуымпар куы уаид, уæд æй зонид, цавæр
сылгоймаг Æм æвналы, уый, уымæн æмæ
ацы сылгоймаг тынг тæригъæдджын у».
40Уæд ын Йесо загъта: «Симон, иу ныхас дын
куы зæгъин, уый Мæ фæнды». Уый дзуапп
радта: «Зæгъ æй, Ахуыргæнæг».

41Йесо загъта: «Иу чидæр дыууæ лæгæн
æфстау радта: иу дзы дардта фондзсæдæ
динары, иннæ та — дæс æмæ дыууиссæдз.
42Цæмæй сæ бафыстаиккой, уый сæ иумæ
дæр нæ уыди, æмæ дыууæйæн дæр ных-
хатыр кодта. Зæгъ-ма, уыдонæй йæ кæцы
бауарздзæн фылдæр?» 43Симон дзуапп радта:
«Мæнмæ гæсгæ, фылдæр кæмæн ныххатыр
кодта, уый». Йесо йын загъта: «Дæ хъуыды
раст у». 44Йесо разылди сылгоймагмæ æмæ
Симонæн загъта: «Уыныс ацы сылгойма-
джы? Æз æрбацыдтæн дæ хæдзармæ, æмæ
Мын ды Мæ къæхтæ цæхсынæн дон дæр нæ
радтай, уый та Мын йæ цæссыгтæй æрæх-
садта Мæ къæхтæ æмæ сæ йæ дзыккутæй
ныссæрфта. 45Ды Мын нæ аба кодтай, уый
та Мын Ме ’рбацыдæй нырмæ Мæ къæхтæн
батæ кæнынæй не ’нцайы. 46Ды Мын Мæ сæр
оливæйы сойæ нæ байсæрстай, уый та Мын
Мæ къæхтæ байсæрста хæрздæфгæнæнæй.
47Цæмæн, уый дæр дын зæгъдзынæн: бирæ
тæригъæдтæ йын барст æрцыд, æмæ бирæ
дæр уымæн бауарзта. Чысыл тæригъæдтæ
барст кæмæн æрцыд, уымæн та йæ уарзт
дæр чысыл у». 48Сылгоймагæн та загъта:
«Барст дын сты дæ тæригъæдтæ».

49Йесоимæ иу фынгыл чи бадт, уыдон хъу-
ыды кодтой: «Уый Чи у, суанг тæригъæдтæ
дæр куы хатыр кæны?» 50Йесо та загъта сыл-
гоймагæн: «Дæ уырнындзинад дæ фервæзын
кодта, цу фарнимæ».

**8** Уымæй чысыл фæстæдæр Йесо зилын рай-
дыдта сахартæ æмæ хъæутыл æмæ хъусын

кодта Фарны Уац Хуыцауы Паддзахады тых-
хæй. Йемæ уыдысты Йæ дыууадæс ахуыр-
гæнинаджы, 2стæй ма, æнæзæгъинæгты
ахæстæй кæй фервæзын кодта æмæ сæ низтæ
кæмæн фæсырдта, уыцы сылгоймæгтæ — авд
дæлимоны кæмæй фæсырдæуыд, уыцы Ма-
риа, магдалæйаг кæй хуыдтой, уый; 3Хузайы
ус Иоаннæ — Ироды хæдзары уынаффæгæ-
нæг; уыдонимæ ма — Сусаннæ æмæ бирæ
æндæр сылгоймæгтæ. Се ’ппæт дæр сæхи
хардзæй лæггад кодтой Йесойæн æмæ Йæ
ахуыргæнинæгтæн.

4Иуахæмы, тынг бирæ адæм Æм куы
æрæмбырд ис — цæугæ та Йæм кодтой æп-
пæт сахартæй, — уæд сын Йесо æмбисонд
æрхаста: 5«Рацыди тауæг йæ тауинагимæ
хуыммæ. Таугæ-тауын иугай нæмгуытæ
æрхаудысты фæндаггæрон æмæ кæм къæх-
ты бын фесты, кæм сæ уæларвон мæргътæ
рауыгътой. 6Нæмгуытæй æрхауди дурджын
ран дæр æмæ, куы сæвзæрдысты, уæд бахус
сты, уымæн æмæ сын дон фаг нæ уыди. 7Ин-
нæ нæмгуытæ æрхаудысты сындзыты æхсæн,
æмæ сæ уыдон, куы сзадысты, уæд сæ быны
фæкодтой. 8Фæлæ тауинаджы иу хай æрхау-
ди бæзнаг мæрыл, нæмгуытæ сзадысты æмæ
радтой, цы уыдысты, уымæй фондзыссæдз
хатты фылдæр тыллæг».

Йесо уыцы æмбисонд æрхаста æмæ хъæр-
рæй загъта: «Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!»

9Йæ ахуыргæнинæгтæ Йæ бафарстой: «Цы
амоны ацы фæсномыг ныхас?» 10Йесо сын
загъта: «Сымахæн Хуыцауæй лæвæрд у Ху-
ыцауы Паддзахады сусæгдзинæдтæ зонын,
фæлæ иннæтæн уыцы фæсномыг ныхæсты
баззадысты æмбæхстæй, уымæн æмæ

„уыдон цæстæй кæсынц,
фæлæ нæ уынынц,
хъусæй хъусынц, фæлæ не ’мбарынц“.

11Ацы фæсномыг ныхас мæнæ цы амоны:
тауинаг у Хуыцауы ныхас, 12фæндаггæрон
цы нæмгуытæ æрхауд, уыдон та сты ахæм
хъусджытæ: фехъусынц ныхас, фæлæ сæм
уый фæстæ æрбацæуы хæйрæг æмæ сын æй
сæ зæрдæйæ фелвасы, цæмæй ма бауæндой
æмæ ма фервæзой. 13Дурджын ран чи æрхауд,
уыдон та фехъусынц ныхас, æхсызгонæй йæ
айсынц сæ зæрдæмæ, фæлæ æнæуидаг сты —
рæстæгмæ æууæндынц, фæлварæнты куы
бахауынц, уæд сæ уырнындзинад уайтагъд
фæцыдæр вæййы. 14Сындзыты æхсæн чи
æрхауд, уыдон та фехъусынц ныхас, фæлæ
царды мæт, мулк æмæ зæххон хиирхæф-
сæнтæн сæ быны фæвæййынц, æмæ сын
ницы пайда æрхæссы. 15Сойджын мæрыл чи
æрхауди, уыдон та сты ахæм адæм — фехъу-
сынц ныхас, арф æй бавæрынц сæ фæлмæн
æмæ сыгъдæг зæрдæйы æмæ фæразон кæй
сты, уый фæрцы стыр пайда æрхæссынц.

16Цырагъ чи ссудзы, уый йыл мигæнæн
не ’рфæлдахы, сынтæджы бын дæр æй нæ
бавæры, фæлæ йæ сæвæры цырагъдарæ-
ныл, цæмæй бацæуджытæн рухс кæна. 17Уы-
мæн æмæ ахæм сусæгдзинад нæй, æмæ ма
раргом уа, афтæ бамбæхсæн ницы ис, æмæ
ма рахъæр уа. 18Уæдæ, куыд хъусут, уымæ
лæмбынæг æркæсут, уымæн æмæ, кæмæ ис,
уымæн рардæуыдзæн; кæмæ нæй, уымæн
та, ис мæм, зæгъгæ, æнхъæл цæмæй у, уый
дæр байстæуыдзæн».

19Йесомæ æрбацыдысты Йæ мад æмæ Йе
’фсымæртæ æмæ Йæм сæ бон адæмы ’хсæн-
ты бацæуын нæ уыди. 20Чидæр Ын загъта:
«Дæ мад æмæ Де ’фсымæртæ æдде лæууынц,
Дæу фенын сæ фæнды». 21Йесо сын дзуапп
радта: «Хуыцауы ныхасмæ чи хъусы æмæ йæ
чи æххæст кæны, уыдон сты Мæ мад æмæ
Ме ’фсымæртæ».

22Иу хатт Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ
бахызти бæлæгъмæ æмæ сын загъта: «Ахи-
зæм цады иннæ фарсмæ». Æмæ араст сты.
23Сæ фæндаг дардтой, æмæ уалынмæ Йесо
афынæй. Æвиппайды тыхджын уад ссыста-
ди, дон калди бæлæгъмæ, æмæ бæлццæттæ
тæссаг уавæры бахаудтой. 24Уæд ахуыр-
гæнинæгтæ Йесомæ бацыдысты, райхъал
Æй кодтой æмæ Йын загътой: «Ахуыргæ-
нæг, Ахуыргæнæг, сæфæм!» Йесо сыстади,
уад æмæ уылæнтæн бардзырд радта, æмæ
банцадысты. Бæстæ ныссабыр. 25Йесо Йæ
ахуыргæнинæгты бафарста: «Кæм ис уæ
уырнындзинад?» Уыдон фæтарстысты æмæ,
дисгæнгæ, кæрæдзийæн дзырдтой: «Уый Чи
уа, уад æмæ донæн бардзырд Чи дæтты, æмæ
уыдон Кæй коммæ кæсынц?»

26Галилейы акомкоммæ, цады фаллаг фарс
чи ис, Герасин, зæгъгæ, уыцы бæстæм ба-
хæццæ сты. 27Йесо былмæ куы рахызти, уæд
Йæ размæ фæци, раздæр хæстæг сахары чи
цард, ахæм хæйрæджджын лæг. Уый рагæй
дæр дарæс нæ дардта, царди хæдзары нæ,
фæлæ зæппæдзты. 28Йесойы куы ауыдта,
уæд йæхи Йæ къæхты бынмæ баппæрста
æмæ ныхъхъæр кодта: «Цы Дæ хъæуы мæ-
нæй, Йесо, Иууылбæрзонд Хуыцауы Фырт?
Уый курæг Дæ дæн, æмæ мæ хъизæмарæй
ма мар!»

29Уымæн æмæ Йесо æнæзæгъинагæн бар-
дзырд радта, цæмæй уыцы адæймагæй ра-
цæуа. Æнæзæгъинаг æй рагæй тухæнæй

мардта. Йӕ къухтӕ ӕмӕ-иу ын йӕ къӕхтӕ
рӕхыстӕй сбастой, хъахъхъӕдтой йӕ, фӕ-
лӕ-иу уый арӕдывта йӕ рӕхыстӕ ӕмӕ-иу
алыгъди, дӕлимон ӕй ӕдзӕрӕг рӕттӕм
сырдта. 30Йесо йӕ бафарста: «Дӕ ном куыд
у?» Уый загъта: «Легион», уымӕн ӕмӕ дзы
бирӕ дӕлимонтӕ бацыд. 31Уыдон лӕгъстӕ
кодтой Йесойӕн, цӕмӕй сӕ дӕлдзӕхмӕ
ма фӕсура. 32Уырдӕм хӕстӕг хохыл хызти
хуыты стыр дзуг, ӕмӕ дӕлимонтӕ Йесойӕн
ныллӕгъстӕ кодтой, цӕмӕй сӕ уыдоны
мидӕг бацӕуын бауадза. Йесо сын бар рад-
та. 33Дӕлимонтӕ рацыдысты уыцы лӕгӕй
ӕмӕ хуыты бахызтысты. Уыйадыл уыдон
къардиуӕй цадмӕ сӕхи фехстой ӕмӕ фӕ-
дӕлдон сты. 34Хуыгӕстӕ уый куы федтой,
уӕд азгъордтой ӕмӕ хабар сахары ӕмӕ
йӕ алфамбылай хъӕуты фехъусын кодтой.

35Цы ӕрцыди, зӕгъгӕ, адӕм рафӕдис сты.
Йесомӕ ӕрбацыдысты ӕмӕ, дӕлимонтӕй
чи фервӕзти, уыцы лӕджы, йӕ дарӕс — йӕ
уӕлӕ, йӕ зонд — йӕхимӕ, афтӕмӕй Йесойы
къӕхты раз бадгӕ куы федтой, уӕд тынг
фӕтарстысты. 36Цы ӕрцыд, уый йӕхи цӕс-
тӕй чи федта, уыцы адӕм сын радзырдтой,
хӕйрӕдджын куыд сдзӕбӕх ис, уый. 37Уӕд
Герасины алфамбылай цӕрджытӕ иууыл-
дӕр стыр тасы бацыдысты ӕмӕ Йесойӕ
куырдтой, цӕмӕй уырдыгӕй ацӕуа. Йесо
бӕлӕгъмӕ бахызт ӕмӕ фӕстӕмӕ аздӕхти.
38Дӕлимонтӕй кӕй фервӕзын кодта, уыцы
лӕг Ын лӕгъстӕ кодта, цӕмӕй йӕ Йемӕ
акӕна, фӕлӕ йын Йесо загъта: 39«Аздӕх
дӕ хӕдзармӕ ӕмӕ радзур, Хуыцау дын цы
сарӕзта, уый». Уыцы лӕг ацыд ӕмӕ ӕгас
сахары хъусын кодта, Йесо йын цы хорздзи-
над ракодта, уый.

40Йесо фӕстӕмӕ куы раздӕхт, уӕд адӕм
рацыдысты Йӕ размӕ, уымӕн ӕмӕ Йӕм се
'ппӕт дӕр ӕнхъӕлмӕ кастысты. 41Ӕрбацыди
Йӕм иу лӕг, йӕ ном — Иаир, синагогӕйы
хицау. Йӕхи зӕххыл ӕрӕппӕрста Йесойы
къӕхты раз ӕмӕ Йын лӕгъстӕ кодта, цӕ-
мӕй йын йӕ хӕдзармӕ бацӕуа, 42уымӕн
ӕмӕ йӕ иунӕг чызг мӕлгӕ кодта; цыдаид
ыл дыууадӕс азы. Йесо куы фӕцӕйцыд, уӕд
Ӕй адӕм алырдыгӕй цъист кодтой.

43Иу сылгоймагӕн дыууадӕс азы дӕр-
гъы йӕ туг йӕ цӕуынӕй не 'нцад. Йе 'ппӕт
мулк дӕр дохтыртыл бахардз кодта, фӕлӕ
йӕ сдзӕбӕх кӕнын никӕй бон баци. 44Сыл-
гоймаг чъылдымы 'рдыгӕй бацыди Йесомӕ,
Йӕ пӕлӕзы хаутыл Ын бандзӕвыд, ӕмӕ йӕ
туг уайтагъд йӕ цӕуынӕй банцад. 45Йесо ба-
фарста: «Чи Мыл бандзӕвыд?» Ӕмӕ адӕмӕй
куы ничи састи, уӕд Ын Петр загъта: «Ахуыр-
гӕнӕг, адӕм Дыл ӕмбырдтӕ кӕнынц ӕмӕ
Дӕ алырдыгӕй ӕрбалхъывтой». 46Фӕлӕ Йесо
загъта: «Чидӕр Мыл бандзӕвыди, уымӕн
ӕмӕ Ӕз банкъардтон, тых Мӕ кӕй рацыди,
уый». 47Сылгоймаг, кӕй нӕ басусӕг, уый
куы бамбӕрста, уӕд Ӕм тӕрсгӕ-ризгӕйӕ
бацыди ӕмӕ йӕхи Йӕ къӕхты бынмӕ ӕрӕп-
пӕрста. Афтӕ цӕмӕн бакодта ӕмӕ Йыл куы
бандзӕвыд, уӕд уайтагъд куыд адзӕбӕх ис,
уый ӕппӕт адӕмы раз радзырдта. 48Йесо
йын загъта: «Мӕ чызг, дӕ уырнындзинад
дӕ фервӕзын кодта. Цу фарнимӕ». 49Йесо
Йӕ ныхас нӕма фӕци, афтӕ синагогӕйы хи-
цаумӕ чидӕр ӕрбацыди йӕ хӕдзарӕй ӕмӕ
йын загъта: «Дӕ чызг амард. Ахуыргӕнӕджы
мауал тыхсын кӕн». 50Фӕлӕ Йесо уый куы
фехъуыста, уӕд синагогӕйы хицауӕн загъта:
«Ма тӕрс, ӕрмӕст ӕууӕнд, ӕмӕ фервӕздзӕ-
ни». 51Ӕмӕ йын йӕ хӕдзармӕ куы бацыди,
уӕд Петр, Иоанн ӕмӕ Иаков, стӕй сабийы
фыд ӕмӕ мады йеддӕмӕ никӕй бауагъта
Йемӕ мидӕмӕ бацӕуын. 52Адӕм иууылдӕр
куыдтой ӕмӕ хъарӕг кодтой чызгыл. Фӕ-
лӕ сын Йесо загъта: «Ма кӕут — мард нӕу,
фынӕй у». 53Уыдон Ыл худтысты, уымӕн
ӕмӕ зыдтой, саби кӕй амарди, уый. 54Фӕлӕ
йын Йесо рахӕцыд йӕ къухыл ӕмӕ хъӕрӕй
загъта: «Мӕнӕ чызг, рабад!» 55Чызгӕн йӕ уд
йӕ мидӕг ӕрцыд, ӕмӕ уайтагъд рабадти.
Йесо йын хӕринаг раттын кодта. 56Чызджы
ныййарджытӕ стыр дисы бафтыдысты, фӕ-
лӕ сын Йесо бафӕдзӕхста, цы ӕрцыди, уый
макӕмӕн радзурут, зӕгъгӕ.

**9** Йесо фӕсидти Йӕ дыууадӕс ахуыргӕни-
нагмӕ ӕмӕ сын радта тых, цӕмӕй ӕппӕт
дӕлимонтыл дӕр сӕ бар цӕуа ӕмӕ адӕмы
дзӕбӕх кӕной сӕ низтӕй. 2Арвыста сӕ адӕ-
мӕн Хуыцауы Паддзахады уац фехъусын
кӕнынмӕ, стӕй рынчынты дзӕбӕх кӕ-
нынмӕ. 3Бафӕдзӕхста сын: «Мацы райсут
фӕндагмӕ — нӕдӕр лӕдзӕг, нӕдӕр хордзен,
нӕдӕр хойраг, нӕдӕр ӕхца, нӕдӕр ивӕн
дарӕс. 4Цыфӕнды хӕдзармӕ куы бацӕуат,
уӕддӕр-иу дзы баззайут, цалынмӕ уырды-
гӕй бынтондӕр нӕ рацӕуат, уӕдмӕ. 5Кӕм
уӕ не суазӕг кӕной, уыцы сахарӕй цӕугӕйӕ
та-иу уӕ къӕхты рыг ӕрцӕгъдут — аххос-
джын кӕй сты, уый ӕвдисӕйнагӕн». 6Аху-
ыргӕнинӕгтӕ ацыдысты ӕмӕ зылдысты
хъӕутыл, алы ран дӕр хъусын кодтой Фарны
Уац ӕмӕ дзӕбӕх кодтой рынчынты.

**8:30** Ома «ӕнӕнымӕц».

7Æппæт уыцы цауты кой фехъуыста тет-
рарх Ирод æмæ, цы хъуыды кæна, уый нæ
зыдта, уымæн æмæ иутæ дзырдтой, уый,
дам, Иоанн мæрдтæй растади, зæгъгæ;
8иннæтæ — Илийа, дам, æрцыдис; аннæтæ
та — кæддæры пехуымпартæй, дам, чидæр
райгас ис. 9Фæлæ Ирод загъта: «Иоаннæн æз
йæ сæр куы акъуырдтон, уæд уыдæттæ Кæй
тыххæй хъусын, Уый та чи у?» Æмæ архайдта
Йесойы фенынил.
10Апостолтæ фæстæмæ куы æрбаздæхтыс-
ты, уæд Йесойæн радзырдтой, цы сарæзтой,
уыдæттæ. Йесо сæ Йемæ акодта æмæ иумæ
ацыдысты, Вифсаидæ, зæгъгæ, уыцы саха-
ры ’рдæм. 11Фæлæ адæм уый куы базыдтой,
уæд Йæ фæдыл агуылф кодтой. Йесо сыл
æхсызгонæй сæмбæлди, Хуыцауы Паддза-
хады тыххæй сын дзырдта, дзæбæх кодта,
дзæбæх кæнын кæй хъуыди, уыдоны. 12Бон
изæры ’рдæм куы фæкъул ис, уæд Æм ба-
цыдысты Йæ дыууадæс ахуыргæнинаджы
æмæ Йын загътой: «Ауадз адæмы хæстæг
хъæутæм, цæмæй уым бахсæвиуат кæной
æмæ сæхицæн хойраг самал кæной. Уымæн
æмæ мах ам фæсвæд ран стæм». 13Фæлæ сын
Йесо загъта: «Сымах сын раттут хæринаг».
Уыдон дзуапп радтой: «Махмæ фондз дзу-
лы æмæ дыууæ кæсаджы йеддæмæ ницы
ис, æмæ ныр уый бæрц адæмы фаг хойраг
балхæнынмæ хъуамæ ацæуæм?» 14(Уым уы-
ди фондз мин лæджы бæрц.) Фæлæ Йесо
Йæ ахуыргæнинæгтæн загъта: «Æрбадын
сæ кæнут къордгай — алы къорды дæр дæс
æмæ дыууиссæдзы бæрц куыд уа». 15Уыдон
сæ æрбадын кодтой, куыд загъд сын уыди,
афтæ. 16Йесо райста фондз дзулы æмæ дыууæ
кæсаджы, скасти уæларвмæ, Хуыцауæн ра-
арфæ кодта, æрсаста сæ æмæ сæ ахуыргæни-
нæгтæм радта, цæмæй сæ адæмæн байуарой.
17Бахордтой се ’ппæт дæр æмæ бафсæстысты.
Цы уæлдæйттæ ма дзы баззади, уыдонæй
дыууадæс чыргъæды байдзаг ис.
18Иуахæмы Йесо хибарæй куывта, æмæ
Йæм Йæ ахуыргæнинæгтæ бацыдысты. Йесо
сæ бафарста: «Адæм Мын Чи æнхъæл сты?»
19Уыдон загътой: «Иутæ — Аргъауæг Иоанн,
иннæтæ — Илийа, аннæтæ та зæгъынц, не-
заманты пехуымпартæй чидæр райгас ис,
зæгъгæ». 20Йесо сæ бафарста: «Сымах та
Мæ Чи æнхъæлут?» Петр Ын дзуапп радта:
«Хуыцауы Чырысти».
21Уæд сын Йесо, уый тыххæй макæмæн
мацы дзурут, зæгъгæ, бафæдзæхста. 22Загъ-
та ма сын: «Адæймаджы Фырт бавзардзæ-
ни бирæ хъизæмæрттæ; адæмы хистæртæ,
сауджынтæ æмæ Йæ динамонджытæ баф-
хæрдзысты, мард æрцæудзæн æмæ æртыккаг
бон райгас уыдзæни».
23Уый фæстæ се ’ппæтæн дæр загъта: «Мæ
фæдыл цæуын кæй фæнды, уый йæхи фе-
рох кæнæд, алы бон дæр йæ дзуар йæ къухы
хæссæд æмæ цæуæд Мæ фæдыл. 24Уымæн
æмæ йæ цард бахъахъхъæнын кæй фæнды,
уый йæ фесафдзæни; йæ цард Мæ сæрвæлтау
чи фесафа, уый та йæ бахъахъхъæндзæни.
25Адæймаг æгас дуне йæхи куы бакæна, йæ-
хи та куы фесафа кæнæ куы фæсахъат кæна,
уæд ын уый цы пайда у? 26Мæн æмæ Мæ
ныхæстæ йæхицæн æгадыл чи банымайа,
уый Адæймаджы Фырт дæр Йæхицæн ба-
нымайдзæн æгадыл, Йæхи, Йæ Фыды æмæ
сыгъдæг зæдты кадимæ куы ’рцæуа, уæд.
27Æцæг уын зæгъын: ам чи лæууы, уыдонæй
иуæй-иутæ нæ амæлдзысты, цалынмæ Ху-
ыцауы Паддзахад феной, уæдмæ».
28Уыцы ныхæстыл иу аст боны куы рацыди,
уæд Йесо Йемæ ахуыдта Петр, Иоанн æмæ
Йаковы æмæ хохмæ ссыди кувынмæ. 29Куы
куывта, уæд Йæ цæсгомы хуыз аивта, Йæ
дарæс та урс-урсид фестади æмæ тæмæнтæ
калдта. 30Æмæ мæнæ дыууæ лæджы ныхас
кæнынц Йемæ — уыдон уыдысты Моисей
æмæ Илийа.
31Фæзындысты уæларвон кадимæ æмæ
дзырдтой Йесойы ахицæныл — Хуыцауы
фæндон Йерусалимы куыд сæххæст кæн-
дзæни, уыыл. 32Петр æмæ йе ’мбæлццæттыл
хуыссæг фæтых ис. Куы райхъал сты, уæд
федтой Йесойы кад æмæ ма дыууæ лæджы
Йемæ лæугæйæ. 33Æмæ уыдон Йесойæ хицæн
куы кодтой, уæд Ын Петр загъта: «Хицау, ам
кæй стæм, уый цы хорз у! Цæй æмæ æртæ
халагъуды скæнæм: иу Дæуæн, иу Моисе-
йæн, иу та Илийайæн». Цы дзырдта, уый
йæхæдæг дæр не ’мбæрста. 34Петр йæ ныхас
нæма фæци, афтæ фæзынд æврагъ æмæ сæ
æрæмбæрзта. Æврагъы куы аныгъуылдысты,
уæд тынг фæтарстысты. 35Æмæ æврагъæй
райхъуысти хъæлæс: «Ай, Кæй сæвзæрстон,
Мæ уыцы Фырт у. Хъусут Æм». 36Хъæлæс
куы райхъуыст, уæд Йесоимæ ничиуал уыд.
Ахуыргæнинæгтæ, цы федтой, уый басу-
сæг кодтой æмæ йæ уыцы бонты никæмæн
радзырдтой.
37Дыккаг бон хохæй куы æрцыдысты,
уæд Йесойы размæ рацыд бирæ адæм. 38Се
’хсæнæй Йæм чидæр рахъæр кодта: «Аху-
ыргæнæг, уый курæг Дæ дæн, æмæ мын
баххуыс кæн мæ фыртæн, иунæг хъæбул
мын у! 39Дæлимоны ахæсты ис æмæ æваст

ныцъцъæхахст кæны, йæ гæндзæхтæ ныц-
цæгъды, æмæ йæ комæй фынк акæлы. Дæ-
лимон æй хъизæмарæй мары, йæхи адыл
æй нæ уадзы. 40Æз куырдтон Дæ ахуыр-
гæнинæгтæй, цæмæй дæлимоны расурой,
фæлæ сæ бон нæ баци». 41Йесо йын дзуапп
радта: «Æнæуырнæг æмæ хæлд фæлтæр!
Кæдмæ уыдзынæн уемæ æмæ уын кæдмæ
бырсдзынæн? Æрбакæн ардæм дæ фырты».
42Лæппу Йесомæ нæма бахæццæ, афтæ йæ
дæлимон зæххыл ныццавта, æмæ уый йæ
гæндзæхтæ цæгъдын райдыдта. Фæлæ Йесо
бардзырд радта æнæзæгъинагæн, сдзæбæх
кодта лæппуйы æмæ йæ стæй йæ фыды бар
ныууагъта.

43Адæм иууылдæр дисы бафтыдысты, Ху-
ыцау куыд хъомысджын у, ууыл. Йесо цыдæ-
риддæр арæзта, уыдон дæр стыр диссагæн
куы хастой, уæд Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн
загъта: 44«Ныртæккæ цы зæгъдзынæн, уымæ
байхъусут лæмбынæг: Адæймаджы Фырт лæ-
вæрд æрцæудзæн адæмы къухмæ». 45Фæлæ
Йæ уыдон нæ бамбæрстой — æргом сын нæ
уыдысты уыцы ныхæстæ æмæ сæм нæ ба-
хъæрдтой, бафæрсын та Йæ нæ уæндыдысты.

46Ахуыргæнинæгтæ фæбыцæу сты, чи
нæ стырдæр у, зæгъгæ. 47Йесо сын зыдта сæ
мидхъуыдытæ æмæ фæдзырдта иу сабимæ.
Йæ фарсмæ йæ æрлæууын кодта 48æмæ сын
загъта: «Ацы сывæллоныл, Мæ сæр хъуы-
дыгæнгæйæ, æнувыд чи уа, уый Мæныл у
æнувыд; Мæныл æнувыд чи уа, уый та Мæ
Рарвитæгыл у æнувыд. Уе 'хсæн æппæты
къаддæр чи у, уый у уе 'ппæты стырдæр».

49Уæд Ын иу хатт Иоанн загъта: «Ахуыр-
гæнæг, мах федтам, Дæ номæй дæлимонты
чи суры, ахæм адæймаг, фæлæ йын уыцы
бар нæ лæвæрдтам, уымæн æмæ немæ нæ
цæуы». 50Йесо йын загъта: «Ма йæ хъыгда-
рут, уымæн æмæ, уæ ныхмæ чи нæу, уый
уæ фарс у».

51Уæлæрвтæм Йæ сисыны афон куы æрæв-
вахс, уæд Йесо сфæнд кодта Йерусалиммæ
фæцæуын. 52Йæ разæй минæвæрттæ арвыста
самариаг хъæумæ, цæмæй Йын Йæ бацыдмæ
æппæт дæр æрцæттæ кæной. 53Фæлæ, Йеру-
салиммæ кæй цыд, уый тыххæй Йæ уыдон
сæхимæ не 'рбахуыдтой.

54Уый фенгæйæ, Йæ ахуыргæнинæгтæ
Йаков æмæ Иоанн тынг смæсты сты: «Хицау,
кæд Дæу фæнды, уæд мах дæр, Илийа куыд
бакодта, афтæ зæгъдзыстæм, æмæ уæларвæй
арт æрцæудзæн æмæ сæ бавзалы кæндзæни».
55Фæлæ сæм Йесо Йе 'ргом разылдта æмæ
сын бауайдзæф кодта: «Сымах, цавæр монæй
хайджын стут, уый нæ зонут. 56Адæймаджы
Фырт адæмы сафынмæ не 'рцыд, фæлæ сæ
фервæзын кæнынмæ». Æмæ уæд æндæр
хъæумæ ацыдысты.

57Фæндагыл Йесойæн иу чидæр загъта:
«Ды кæдæм цæуай, æз дæр уырдæм ацæу-
дзынæн Дæ фæдыл». 58Йесо йын дзуапп
радта: «Рувæстæн ис хуыккæмттæ, уæларвон
мæргътæн — ахстæттæ. Адæймаджы Фыр-
тæн та, Йæ сæр кæм æркъул кæна, уый дæр
нæй». 59Æндæр кæмæндæр та загъта: «Рацу
Мæ фæдыл». Æмæ Йын уый дзуапп радта:
«Хицау, мæ фыды баныгæнынмæ уал мæ
ауадз». 60Фæлæ йын Йесо загъта: «Мæрдтæ
сæхæдæг ныгæнæнт сæ мæрдты. Ды та цу
æмæ хъусын кæн Хуыцауы Паддзахады уац».
61Æндæр кæйдæр ныхас та Йын уыди: «Хицау,
æз ацæудзынæн Дæ фæдыл, фæлæ уал мæ
ауадз мæ бинонтæн хæрзбон зæгъынмæ».
62Фæлæ йын Йесо дзуапп радта: «Гутоныл
хæцгæйæ, фæстæмæ чи кæсы, уый Хуыцауы
Паддзахадæн нæ бæззы».

**10** Уый фæстæ ма Йесо ноджыдæр æвдай
дыууæ ахуыргæнинаджы равзæрста æмæ
сæ дыгæйттæй арвыста Йæ разæй, цæуинаг
кæдæм уыди, уыцы сахартæ æмæ хъæу-
тæм. 2Загъта сын: «Кæрдинаг — бирæ, фæлæ
хуымгæрдджытæ нæ фаг кæны. Уæдæ ку-
рут хуымы Хицауæй, цæмæй Йæ хуыммæ
кусджытæ рарвита кæрдынмæ. 3Цæугæут!
Мæнæ уæ Æз уæрыччытау бирæгъты 'хсæн-
мæ æрвитын. 4Уемæ фæндагмæ ма райсут
нæдæр æхцайы чыссæ, нæдæр хордзен, нæ-
дæр дзабыртæ, стæй салам дæттынмæ дæр
макæмæ æрлæуут. 5Цы хæдзармæ бацæуат,
уым уал-иу фыццаг зæгъут: „Фарн ацы хæ-
дзары!“ 6Æмæ дзы фарны аккаг адæймаг
куы уа, уæд ыл уæ арфæ æрцæудзæн; куынæ
дзы уа, уæд уæ арфæ фæстæмæ раздæхдзæн
уæхимæ. 7Баззайут-иу уыцы хæдзары æмæ
сæм цы ис, уымæй хæрут æмæ нуазут сымах
дæр, уымæн æмæ кусæг у йæ куыстæн хæр-
зиуæг райсыны аккаг; хæдзари-хæдзар-иу
ма зилут.

8Цы сахармæ бацæуат, уым уæ куы суазæг
кæной, уæд хæрут, цы уын æрæвæрой, уый.
9Сæ рынчынты сын дзæбæх кæнут æмæ
адæмæн дзурут: „Æрæввахс уæм ис Хуы-
цауы Паддзахад“. 10Искæцы сахармæ куы
бацæуат æмæ уæ уым куынæ суазæг кæной,
уæд-иу, уынгты цæугæйæ, дзурут: 11„Уæ са-
хары нæ къæхтыл цы рыг æрбадти, уый дæр
æрцагътам æмæ уын æй уæхицæн уадзæм.
Фæлæ зонут, Хуыцауы Паддзахад уæм кæй

ærævvахс ис, уый“. 12Зæгъын уын, Тæрхоны
Бон Содомыл уыцы сахарæй хуыздæр бон
акæндзæн.
13Сар дæ сæр, Хоразин! Сар дæ сæр, Виф-
саидæ! Уымæн æмæ, сымахмæ цы диссæг-
тæ равдыстæуыд, уыдон Тир æмæ Сидоны
куы æрцыдаиккой, уæд уымы цæрджытæ,
сæ уæлæ сæхъистæ скæнгæйæ æмæ фæ-
нычы сбадгæйæ, сæ тæригъæдтыл раджы
æрфæсмон кодтаиккой. 14Фæлæ Тир æмæ
Сидонæн Тæрхоны Бон сымахæй æнцон-
дæр уыдзæн. 15Æмæ дæу дæр, Капернаум,
æнхъæлыс, уæларвмæ систæуыдзæн? Нæ,
дæлдзæхмæ ныххаудзынæ!
16Сымахмæ чи хъусы, уый Мæнмæ хъусы.
Сымахыл йæхи чи атигъ кæны, уый Мæныл
атигъ кæны. Мæныл йæхи чи атигъ кæны,
уый та — Мæ Рарвитæгыл».
17Æвдай дыууæ ахуыргæнинаджы фæс-
тæмæ зæрдæрухсæй æрбаздæхтысты æмæ
дзырдтой: «Хицау, Дæ номæй куы фæзæ-
гъæм, уæд дæлимонтæ дæр нæ коммæ ба-
кæсынц». 18Йесо сын загъта: «Æз федтон
сайтаны уæларвæй æрвæрттывдау æрхаугæ.
19Æз уын радтон калм æмæ къæдздымы
уæ къæхты бын ссæндыны, стæй знаджы
æппæт тыхтыл уæлахиз кæныны хъомыс,
æмæ уын знаггад ницы ракæндзæн. 20Дæ-
лимонтыл уæ бон кæй цæуы, ууыл ма цин
кæнут — уæ нæмттæ уæлæрвты фыст кæй
сты, ууыл цин кæнут».
21Уыцы тæккæ уысм Ын Сыгъдæг Уд Йæ
зæрдæ байдзаг кодта цинæй, æмæ Йесо загъ-
та: «Мæ Фыд, арв æмæ зæххы Дунедарæг!
Стауын дæ, Ды адæттæ куырыхонтæй æмæ
æмбаргæтæй кæй басусæг кодтай æмæ сæ
сывæллæттæн кæй раргом кодтай, уый тых-
хæй! О, Мæ Фыд, Дæу афтæ бафæндыд! 22Мæ
Фыдæй Мын лæвæрд у æппæт дæр. Фырт
чи у, уый ничи зоны Фыдæй дарддæр; Фыд
чи у, уый дæр ничи зоны Фыртæй дарддæр
æмæ йæ Фырт кæмæн раргом кæны, уый
йеддæмæ».
23Йесо Йе ’ргом разылдта Йæ ахуыргæ-
нинæгтæм æмæ, æрмæстдæр Æй уыдон
куыд хъусой, афтæ сын загъта: «Тæхудиаг
сты, сымах цы уынут, уый уынæг цæсты-
тæ! 24Æз уын зæгъын: бирæ пехуымпартæ
æмæ паддзæхты фæндыд, сымах цы уынут,
уый фенын, фæлæ йæ нæ федтой æмæ, сы-
мах цы хъусут, уый фехъусын, фæлæ йæ нæ
фехъуыстой».
25Уæд иу динамонæг сыстад æмæ Йесойы
бафæлварыны тыххæй загъта: «Ахуыргæнæг,
мыггагмæйы цард райсынæн мæ цы бакæнын
хъæуы?» 26Йесо йæ бафарста: «Æгъдауы цы
фыст ис? Уым цы кæсыс?» 27Уый Йын дзуапп
радта: «„Уарз дæ Бардарæг Хуыцауы æппæт
зæрдæйæ, æппæт удæй, æппæт хъаруйæ
æмæ æппæт зондæй“. Ноджы ма: „Уарз хи-
оны, дæхи куыд уарзыс, афтæ“». 28Йесо йын
загъта: «Раст дзуапп радтай. Афтæ кæн æмæ
мыггагмæ цæрдзынæ». 29Фæлæ уый фæндыд
йæхи сраст кæнын æмæ та Йесойы бафарста:
«Хион та чи у?» 30Йесо йын дзуапп радта: «Иу
лæг Йерусалимæй фæцæйцыди Йерихонмæ
æмæ абырджыты къухмæ бахауд. Уыдон ын
раластой йæ дарæс, тынг æй фæнадтой æмæ
йæ æрдæгмардæй ныууагътой. 31Афтæ рауад,
æмæ уыцы фæндагыл иу сауджын фæцæй-
цыди. Лæджы федта, фæлæ йæ иувæрсты
аивгъуыдта. 32Левит дæр афтæ: ууылты фæ-
цæйцыд, федта йæ æмæ дарддæр йæ цыды
кой кодта. 33Уалынмæ уыцы фæндагыл иу
самариаг фæцæйцыди. Лæгмæ куы бахæстæг
ис æмæ йæ куы федта, уæд ын фæтæригъæд
кодта. 34Бацыди йæм, йæ хъæдгæмттæ йын
сæнæй цæхсадта, оливæйы сойæ сæ бай-
сæрста, бабаста йын сæ, стæй йæ сæвæрдта
хæрæгыл, фысымуатмæ йæ баласта æмæ ма
йæм уым дæр базылди. 35Дыккаг бон дыу-
уæ динары систа, фысымуаты хицаумæ сæ
радта æмæ йын загъта: „Дæ цæст æм фæдар,
æмæ ма кæд адонæй уæлдай бахардз кæнай,
уæд дын сæ, фæстæмæ куы раздæхон, уæд
бафиддзынæн“. 36Абырджыты къухмæ чи
бахауд, уымæн, дæумæ гæсгæ, уыцы æртæ-
йæ хион чи уыди?» 37Уый дзуапп радта: «Чи
йын батæригъæд кодта, уый». Уæд ын Йесо
загъта: «Ацу æмæ ды дæр афтæ кæн».
38Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ дарддæр
Йæ фæндаг кодта æмæ иу хъæумæ бафтыди.
Уым Æй, Марфæ, зæгъгæ, иу сылгоймаг йæ
хæдзармæ бахуыдта. 39Марфæйæн уыди хо,
йæ ном — Мариа. Уый Йесойы дæлфæдтæм
сбадти æмæ Йæм лæмбынæг хъуыста. 40Мар-
фæйæн та йæ мæт æгасæй дæр уыди, куыд
хуыздæр Æй суазæг кæна, ууыл. Бацыди
Йесомæ æмæ Йын загъта: «Бардарæг, мæ
хо мæ иунæгæй лæггадгæнгæ куыд ныу-
уагъта, уый нæ уыныс? Зæгъ-ма йын, æмæ
мæм фынг æвæрынмæ фæкæса». 41Йесо йын
дзуапп радта: «Марфæ, Марфæ, ды бирæ
цæуылдæртыл мæт кæныс æмæ тыхсыс,
42хъæугæ та æрмæстдæр иунæг хъуыддаг
кæны. Мариа равзæрста хуыздæр хай, æмæ
йын æй ничи байсдзæни».

**11** Иуахæмы Йесо куывта æмæ, куывд
куы фæци, уæд Æм Йæ ахуыргæнинæгтæй

иу бахатыд: «Хицау, сахуыр нæ кæн кувын,
Иоанн йæ ахуыргæнинæгты куыд сахуыр
кодта, афтæ».
2 Йесо сын загъта: «Куы фæкувут, уæд-иу
дзурут:
„Нæ Фыд!
Кадджын уæд Дæ ном!
Æрцæуæд Дæ Паддзахад.
Уæлæрвты куыд у, афтæ зæххыл дæр
сæххæст уæд Дæ фæндон.
3 Ратт нын абон цæрынваг къæбæр.
4 Ныббар нын нæ хæстæ,
мах нæ хæсджынтæн куыд барæм,
афтæ.
Ма нæ бафтау фыдæвзарæны,
фæлæ нæ бахиз сайтанæй“».
5 Йесо сын загъта: «Ныр, зæгъæм, сыма-
хæй искæмæн ис хæлар, æмбисæхсæв æм
бацыдыстут æмæ йын загътат: „Мæ хæлар,
æртæ дзулы мын æфстау авæр. 6 Мæ хæлар
мæм фæндагæй фездæхт, æмæ йæ цæмæй
суазæг кæнон, уый мæм нæй“. 7 Æмæ уæм
уый мидæгæй куы радзурид: „Ма мæ хъыг-
дар, мæ дуар ныридæгæн æхгæд у, мæхæдæг
дæр хуысгæ кæнын æмæ мæ сывæллæттæ
дæр хуыссæны мемæ сты. Фестон æмæ дын
дзул раттон, уый ныртæккæ мæ бон нæу“.
8 Зæгъын уын: уæ хæлардзинад нымайгæ-
йæ, уый уайтагъд куынæ феста æмæ уын уæ
къух куынæ сараза, фæлæ йæ сымах уæддæр
куынæ уадзат, уæд иуафон сыстдзæнис æмæ
уын ратдзæн, цы дзы курут, уый.
9 Уæдæ уын Æз дæр зæгъын: курут æмæ
райсдзыстут, агурут æмæ ссардзыстут, хо-
йут æмæ уын байгом уыдзæн. 10 Уымæн æмæ
алы курæг дæр райсы, алы агурæг дæр ссары
æмæ алы хойæгæн дæр дуар байгом вæййы.
11 Йæ фырт дзы дзул куы кура, уæд ын дур
чи ратта, уе 'хсæн ахæм фыд ис? Кæнæ кæ-
саг куы кура, уæд ын калм ратдзæн? 12 Айк
дзы куы кура, уæд ын йæ къухы къæдздым
фæсадздзæн? 13 Уæдæ сымах фыдзæрдæтæ
куы стут æмæ уæддæр уæ зæнæгæн хорзы
цæуын куы зонут, уæд Уæларвон Фыд ку-
ыннæ ратдзæни Сыгъдæг Уд, чи Дзы куры,
уыдонæн!»
14 Иу хатт Йесо иу лæгæй сырдта æгомыг-
гæнæг дæлимоны. Куы дзы рацыди, уæд
гоби йæ дзыхæй сдзырдта, æмæ адæм дисы
бафтыдысты. 15 Иуæй-иутæ ма афтæ дæр
загътой: «Уый дæлимонты суры дæлимонты
æлдар Веелзевулы хъаруйæ». 16 Иннæтæ та
Дзы Йæ бафæлварыны тыххæй уæларвæй
æвдисæйнаг равдисын домдтой. 17 Фæлæ сын
Йесо зыдта сæ хъуыдытæ æмæ сын загъта:
«Цыфæнды паддзахад дæр, йæ адæм кæрæ-
дзийы ныхмæ куы ралæууой, уæд федзæрæг
уыдзæни, хæдзары бинонтæ кæрæдзийы
ныхмæ куы суой, уæд хæдзар ныккæлдзæн.
18 Уæдæ кæд сайтан йæхи ныхмæ тох кæны,
уæд йæ паддзахад куыд фæлæудзæни? Сы-
мах та афтæ дзурут, цыма Æз Веелзевулы
хъаруйæ сурын дæлимонты. 19 Кæд Æз дæ-
лимонты Веелзевулы хъаруйæ сурын, уæд сæ
уæ фырттæ та кæй хъаруйæ сурынц? Уыдон
уын тæрхонгæнæг уæнт. 20 Фæлæ кæд Хуы-
цауы хъаруйæ сурын дæлимонты, уæд уæм,
бæгуыдæр, æрхæццæ ис Хуыцауы Паддзахад.
21 Тыхджын йæ хæдзар æд хæцæнгарз куы
хъахъхъæна, уæд йæ исбонæн тас нæу. 22 Фæ-
лæ йæм йæхицæй тыхджындæр куы бабырса,
уæд ыл фæуæлахиз уыдзæн, йæ зæрдæ цы
хæцæнгæрзтыл дардта, уыдон ын байсдзæн
æмæ йын йæ мулк байуардзæн. 23 Мемæ чи
нæй, уый Мæ ныхмæ у. Мемæ чи не 'мбырд
кæны, уый хæлæттаг кæны.
24 Æнæзæгъинаг адæймагæй куы рацæуы,
уæд æнцой агурæг фæзилы æнæдон рæтты
æмæ, йæхицæн бынат куы не ссары, уæд
фæзæгъы: „Аздæхон, цы хæдзарæй рацыд-
тæн, уырдæм“. 25 Æмæ йæм фæстæмæ куы
баздæхы, уæд æй марзт æмæ æфснайдæй
баййафы. 26 Уæд ацæуы æмæ йемæ æркæ-
ны æндæр авд æнæзæгъинаджы, йæхицæй
фыддæрты, бацæуынц уырдæм æмæ дзы
æрцæрынц; æмæ уыцы адæймаг бахауы,
раздæр цы уыди, уымæй ноджы фыддæр
уавæры».
27 Йесо Йæ ныхас куы нæма фæци, уæд
Ын адæмы 'хсæнæй иу сылгоймаг хъæрæй
загъта: «Тæхудиаг у, Дæу чи ныййардта æмæ
Дæу йæ риуы æхсырæй чи фæхаста, уыцы
ныййарæг!»
28 Йесо та загъта: «Тæхудиаг сты, Хуыца-
уы дзырдмæ чи хъусы æмæ йæ чи æххæст
кæны, уыдон».
29 Адæм Йæ алыварс куы æрæмбырд сты,
уæд Йесо райдыдта дзурын: «Ацы фæлтæр
тынг фехæлди, æвдисæйнаг домы. Фæлæ
Ионæйы диссагæй дарддæр ницы диссаг
фендзæни. 30 Уымæн æмæ Ионæ ниневиæг-
тæн æвдисæйнаг куыд уыди, Адæймаджы
Фырт дæр ацы фæлтæрæн афтæ уыдзæни.
31 Хуссары ус-паддзах Тæрхоны Бон мæрдтæй
растдзæни ацы фæлтæримæ тæрхон кæ-
нынмæ æмæ сæ фæзылынджын кæндзæни,
уымæн æмæ уый зæххы кæронæй æрцыд
Соломоны куырыхон зондмæ байхъусынмæ;
ныр та, Соломонæй уæлдæр Чи у, Уый ам
ис. 32 Ниневиæгтæ Тæрхоны Бон мæрдтæй

растдзысты ацы фæлтæры ныхмæ æмæ йæ
фæзылынджын кæндзысты, уымæн æмæ
уыдон Ионæйы пехуымпар ныхасæй æр-
фæсмон кодтой сæ митыл. Ныр та, Ионæйæ
уæлдæр Чи у, Уый ам ис.
33Цырагъ чи ссудзы, уый йæ сусæг ран
кæнæ дурыны нæ бавæры, фæлæ йæ цы-
рагъдарæныл, бацæуджытæ рухс куыд уы-
ной, афтæ сæвæры. 34Буарæн йæ рухсгæнæн
цæст у. Æмæ дæ цæст сыгъдæг куы уа, уæд
дæ буар æгасæй дæр рухс уыдзæн. Фæлæ дæ
цæст чъизи куы уа, уæд дæ буар дæр талынг
уыдзæн. 35Уæдæ дæхимæ кæс, цæмæй дæм
цы рухс ис, уый талынг ма разына. 36Кæд дæ
буар иуулдæр рухс у æмæ дæм талынгæй
æппындæр ницы ис, уæд сæрæй къæхтæм
уыдзынæ рухс, цыма дæ рухсгæнæн рухс
кæны, афтæ».
37Йесо Йæ ныхас куы фæци, уæд Æй иу
фарисей сæхимæ сихор хæрынмæ бахуыдта.
Йесо бацыд æмæ фынджы уæлхъус æрбадти.
38Хæрды размæ Йæ къухтæ кæй нæ цæх-
садта, уый фарисей куы федта, уæд бадис
кодта. 39Фæлæ йын Хицау загъта: «Сымах,
фарисейтæ, уæ къус æмæ тæбæгъ æддейæ
сыгъдæг кæнут, мидæгæй та кæраф æмæ
хæрамæй йедзаг стут. 40Æнæзæндтæ! Æд-
дейæ цы ис, уый дæр æмæ, мидæгæй цы ис,
уый дæр иу Скæнæг не сфæлдыста, мыййаг?
41Уæ тæбæгъы цы ис, уымæй искæмæн куы
фæхай кæнат, уæд уын алцыдæр уыдзæни
сыгъдæг. 42Фæлæ сар уæ сæр, фарисейтæ!
Моисейы Æгъдаумæ гæсгæ суанг битъы-
на, рутæ æмæ æппæт иннæ кæрдæджы-
ты дæсæймаг хай дæттут, фæлæ Хуыцауы
рæстдзинад æмæ уарзт та ницæмæ дарут.
Сымахæн æмбæлди адæттæ кæнын æмæ
уыдæттæ дæр рохуаты нæ уадзын. 43Сар уæ
сæр, фарисейтæ! Сымах уарзут синагогæты
раззаг бынæтты бадын æмæ сахарты фæз-
ты адæмы арфæтæм хъусын. 44Сар уæ сæр!
Сымах стут, бæрæг чи нæ дары æмæ, уый нæ
зонгæйæ, адæм кæуыл рацу-бацу кæнынц,
уыцы рох ингæнты хуызæн».
45Уæд Йесойы ныхæстæм иу динамонæг
загъта: «Ахуыргæнæг, афтæ кæй зæгъыс,
уымæй Ды мах дæр æфхæрыс». 46Йесо йын
дзуапп радта: «Сар уæ сæр сымахæн дæр,
динамонджытæ! Адæмыл уæззау уæргътæ
æвæрут, уæхæдæг та уæ къух дæр ницæмæ
бакæнут, цæмæй сын феххуыс кæнат.
47Сар уæ сæр! Уæ фыдæлтæ цы пехуым-
парты фæцагътой, уыдонæн сымах та ара-
зут зæппæдзтæ 48æмæ уымæй æвдисут, уæ
фыдæлты митæ растыл кæй нымайут, уый:
уыдон сæ маргæ акодтой, сымах та сын зæп-
пæдзтæ аразут. 49Хуыцауы уæлзонд уымæн
загъта: „Пехуымпартæ æмæ фидиуджытæ
сæм арвитдзынæн, æмæ дзы кæй æфхæр-
гæ кæндзысты, кæй — маргæ“. 50Уæдæ ацы
фæлтæрæн фидинаг у, дуне сфæлдисынæй
нырмæ цы пехуымпарты туг фæкалди, уый:
51Авелы тугæй, нывондхæссæнæй Кувæндо-
ны æхсæн кæй амардæуыд, уыцы Захариайы
туджы онг. О, зæгъын уын, уый ацы фæлтæ-
рæн фидинаг у.
52Сар уæ сæр, динамонджытæ! Сымах
байстат зонынады дæгъæл; уæхæдæг дæр
нæ бацыдыстут æмæ, бацæуын кæй фæн-
дыди, уыдоны дæр нæ бауагътат».
53Йесо уырдыгæй куы ацыд, уæд дин-
амонджытæ æмæ фарисейтæ райдыдтой
Йæ ныхмæ дзурын æмæ Йæ фæрстыты бын
ныккодтой — 54къахтой Йæ, цæмæй йын Йæ
ныхæстæ Йæхи ныхмæ фæкæной.

**12** Уæдмæ уый бæрц адæм æрæмбырд
ис, æмæ дзы азмæлæн дæр нал уыди. Йе-
сойæн йæ фыццаг ныхас уыди Йæ аху-
ыргæнинæгтæм: «Уæхи хизут фарисейты
æнхъизæнæй — цæстмæхъусдзинадæй.
2Афтæ бамбæхсæн ницы ис, æмæ ма рар-
гом уа, ахæм сусæгдзинад нæй, æмæ ма
рахъæр уа. 3Уымæ гæсгæ, талынджы цы загъ-
тат, уый айхъуысдзæни бонрухсы; сусæгæй
йискæй хъусы цы бадзырдтат, уый хъæрæй
фехъусын кæндзысты уæлхæдзæрттæй. 4Мæ
хæлæрттæ, буар амарынæй уæлдай сæ бон
кæмæн ницы у, уыдонæй ма тæрсут. 5Тæрсын
уæ кæмæй хъæуы, уый уын Æз зæгъдзынæн:
амарыны фæстæ зындоны ныппарын Кæй
бон у, Уымæй тæрсут. О, зæгъын уын, Уы-
мæй тæрсут. 6Фондз сырддонцъиуы дыууæ
ассарийыл нæ уæй кæнынц, æви? Фæлæ дзы
Хуыцауæй иу дæр рох нæу. 7Сымахæн та уæ
сæрыхъуынтæ дæр æрдуйы онг нымад сты.
Уæдæ ма тæрсут: сымах сырддонцъиутæй
бирæ зынаргъдæр стут.
8Зæгъын уын: Мæныл кæй æууæнды, уый
адæмы раз æргомæй чи дзура, уый Адæйма-
джы Фырт дæр йæхионыл банымайдзæни
Хуыцауы зæдты раз. 9Адæмы раз Мыл йæхи
чи атигъ кæна, ууыл та Уый дæр Йæхи атигъ
кæндзæни Хуыцауы зæдты раз. 10Адæйма-
джы Фырты чи рафауа, уымæн уыдзæни
хатыр, фæлæ Сыгъдæг Уды чи рафауа, уы-
мæн хатыр нæ уыдзæн. 11Синагогæтæм уæ
куы бакæной æмæ уæ хицæутты раз куы
æрлæууын кæной, уæд-иу ма мæт кæнут,

цы зæгъат, ууыл. 12Уымæн æмæ уын Сыгъ-
дæг Уд уайсахат бацамондзæн, цы зæгъын
хъæуы, уый».
13Уæд Æм адæмæй иу чидæр бахатыд:
«Ахуыргæнæг, зæгъ-ма ме ’фсымæрæн, æмæ
нын цы бынтæ баззади, уыдонæй мæнæн
дæр схай кæна». 14Йесо йын дзуапп радта:
«Чи Мæ сæвæрдта сымахæн тæрхонгæнæгæй
кæнæ уæ хъаст æвзарæгæй?»
15Загъта ма сын: «Уæхи хъахъхъæнут кæ-
рæфдзинад уарзынæй, уымæн æмæ адæй-
маджы цард йæ бирæ мулкæй аразгæ нæу».
16Æмæ сын æмбисонд æрхаста: «Иу хъæздыг
лæгæн йæ хуымы бирæ хор æрзади. 17Лæг йæ-
химидæг катай кодта: ныр цы кæнон, мæ хор
кæм бафснайон, ахæм бынат мын куы нæй,
уæд, зæгъгæ. 18Æмæ сфæнд кодта: „Бавдæ-
лон æмæ мæ хордæттæ фехалон, уыдонæй
стырдæртæ саразон æмæ мæ хор æмæ мæ
мулк иууылдæр уым бафснайон. 19Уæд зæгъ-
дзынæн мæхицæн: мæнæйуый, бирæ азты
фаг дæм ис мулк. Цæр ныр æнцад-æнцойæ,
хæр, нуаз æмæ рай дæ цардæй“. 20Фæлæ
йын Хуыцау загъта: „Æнæзонд, ахсæв дын
дæ уд айстæуыдзæн, æмæ уæд кæмæн баз-
зайдзысты, дæхицæн кæй æрцæттæ кодтай,
уыдон?“ 21Афтæ рауайы, йæхицæн хæзнатæ
чи æмбырд кæны, Хуыцауы хъæздыгдзи-
надæй та æнæхай чи у, уыдоны хъуыддаг».
22Уый фæстæ Йесо загъта Йæ ахуыргæни-
нæгтæн: «Уымæ гæсгæ уын зæгъын: ма мæт
кæнут нæдæр хойрагыл, нæдæр дарæсыл.
23Цард хойрагæй ахсджиагдæр у, буар та —
дарæсæй. 24Акæсут-ма халæттæм: уыдон
нæдæр тауынц, нæдæр кæрдынц, нæдæр
сын гонтæ æмæ хордæттæ ис, афтæмæй сæ
Хуыцау æфсады. Сымах та мæргътæй цас
зынаргъдæр стут! 25Цыфæндыйæ дæр уæ йæ
цардмæ бирæ нæ, фæлæ иу сахат бафтауын
дæр кæй бон бауыдзæн? 26Уæдæ кæд гыццыл
исты скæнын дæр уæ бон нæу, уæд иннæ
хъуыддæгтыл цæуыл мæт кæнут? 27Акæ-
сут-ма, дидинджытæ куыд зайынц, уымæ:
нæдæр кусгæ кæнынц, нæдæр æлвисгæ, фæ-
лæ уын Æз зæгъын: суанг Соломон дæр йе
стыр кадимæ уыдонæй иуы хуызæн дæр нæ
фæлыста йæхи. 28Абон чи ис, райсом та пецы
æппæрст чи æрцæуыдзæни, уыцы быдираг
кæрдæджы Хуыцау афтæ кæм фæлынды,
уым сымах та цас хуыздæр сфæлынддзæн,
лæмæгъуырнджытæ! 29Уæдæ цы хæрат æмæ
цы нуазат, ууыл ма мæт кæнут æмæ ма тых-
сут. 30Æппæт уыдæттæ ацы дунейы агурынц
муртаттæгтæ, сымахæн та уæ Фыд Йæхæдæг
зоны, цы уæ хъæуы, уый. 31Фыццаджыдæр
Ын агурут Йæ Паддзахад, æмæ уын уыдæттæ
дæр лæвæрд уыдзысты.
32Ма тæрс, чысыл дзуг! Уæ Фыды бафæн-
дыд сымахæн Паддзахад раттын. 33Ауæй
кæнут уæ мулк æмæ мæгуыртæн фехху-
ыс кæнут. Уæхицæн, хæррæгъ чи нæ кæны,
ахæм æвæрæндæттæ саразут; æрæмбырд
кæнут æнæихсигæ хæзнатæ уæлæрвты —
уырдæм сæм хуыснæг нæ баирвæздзæн æмæ
сæ рæмпæг нæ бахæрдзæн. 34Уæ хæзна кæм
ис, уæ зæрдæ дæр уым уыдзæн.
35Кæддæриддæр ут цæттæ — уæ рæттæ æр-
балвасут æмæ уæ рухсгæнæнтæ ссудзут. 36Йæ
хицау чындзæхсæвæй кæд æрбацæудзæн,
уымæ чи æнхъæлмæ кæсы, уыцы адæмы
фæзмут — хицау куыддæр æрбахойа, афтæ
йын дуар фегом кæндзысты. 37Тæхудиаг сты,
хæдзары хицау куы æрбацæуа, уæд фынæйæ
кæй не ’рбаййафа, уыцы цагъартæ. Æцæг
уын зæгъын, уый йæ рон æрбалвасдзæни,
фынджы уæлхъус сæ æрбадын кæндзæн
æмæ сын йæхæдæг кæстæриуæг кæнын рай-
дайдзæн. 38Тæхудиаг сты, кæдфæнды куы
æрбацæуа — æмбисæхсæв уа æви боныцъæх-
тыл — сæ хицау фынæйæ кæй не ’рбаййафа,
уыцы цагъартæ. 39Сымах æй уæхæдæг зонут:
хуыснæг кæцы сахат æрбацæудзæн, уый хæ-
дзары хицау куы зыдтаид, уæд йæ хæдзар
фæкъахын нæ бауагътаид. 40Æмæ сымах дæр
ут цæттæ, уымæн æмæ Адæймаджы Фырт
фæзындзæни æнæнхъæлæджы».
41Уæд Æй Петр бафарста: «Хицау, æрмæст
махæн дзурыс ацы фæсномыг ныхас æви
алкæмæн дæр?» 42Бардарæг дзуапп радта:
«Чи у иузæрдион æмæ зонджын хæдзаргæс?
Хæринаг сын афоныл радæттыны тыххæй
хæдзары хицау йæ цагъартæн хистæрæй
кæй сæвæрдзæни? 43Тæхудиаг уыдзæни
уыцы цагъар, йæ хицау йæ фæдзæхст æх-
хæстгæнгæ кæй æрбаййафа. 44Æцæг уын
зæгъын, йе ’ппæт исбон дæр бакæндзæни йæ
бар. 45Фæлæ уыцы цагъар йæхинымæр афтæ
куы зæгъа, цæй, мæ хицау нырма рæхджы нæ
фæзындзæни, æмæ уыйадыл лæггадгæнæг
нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты нæмын
куы райдайа, нуæзтыл куы схæца æмæ ра-
сыгæй куы цæуа, 46уæд уыцы цагъарæн йæ
хицау, æнхъæл кæд нæ уа, уыцы бон æмæ
уыцы сахат фæзындзæн, тынг æй бафхæр-
дзæн æмæ йæ уæдæй фæстæмæ йе ’ууæнчы
аккаг нал скæндзæн. 47Йæ хицауы фæндон
зындгонд кæмæн уыди, афтæмæй цæттæ

**12:25** Кæнæ: «...йæ асыл иу æлмæрины бæрц бафтауын дæр йæ бон кæмæн суыдзæн?»

чи нæ разынд æмæ йæ чи нæ сæххæст кодта,
уыцы цагъар баййафдзæни карз над. 48Йæ
хицауы фæндон чи нæ зыдта, афтæмæй на-
ды аккаг митæ чи фæкодта, уый та къаддæр
æфхæрд баййафдзæн. Хуыцау бирæ кæмæн
радта, уымæй бирæ æрдомдзæн, йæ бæрны
фылдæр кæмæн бакодта, уымæй фылдæр
æрцагурдзæн.
49Æз зæхмæ арт æрхæссынмæ æрцыдтæн,
æмæ Мæ куыд тынг фæнды, цæмæй ныри-
дæгæн ссудза! 50Хъуамæ Мыл хъизæмæртты
аргъуыдæй саргъуыдæуа, æмæ куыд тынг
удхар кæнын, цалынмæ уый не ’рцæуа, уæд-
мæ! 51Сымах афтæ æнхъæл стут, æмæ Æз
зæхмæ фидыд æрхæссынмæ æрцыдтæн?
Зæгъын уын: фидыд æрхæссынмæ нæ, фæ-
лæ адæмы фæхицæн кæнынмæ. 52Уымæн
æмæ нырæй фæстæмæ, иу хæдзары фондз
бинойнаджы ис, зæгъгæ, уæд фæхицæнтæ
уыдзысты: æртæйæ — дыууæйы ныхмæ,
дыууæйæ — æртæйы ныхмæ. 53Фыд уыдзæни
йæ фырты ныхмæ, фырт — йæ фыды, мад —
йæ чызджы, чызг — йæ мады, æфсин — йæ
чындзы, чындз — йе ’фсины ныхмæ».
54Адæмæн та Йесо загъта: «Ныгуылæнæй
мигъ ссæугæ куы фенут, уæд фæзæгъут,
къæвда уыдзæни, зæгъгæ, æмæ æцæгдæр
афтæ вæййы. 55Хуссарæй дымгæ куы рады-
мы, уæд фæзæгъут, æнтæф рæстæг уыдзæни,
зæгъгæ, æмæ æцæгдæр афтæ вæййы. 56Ды-
дзæсгæмттæ! Зæххыл æмæ арвыл цы уынут,
уый иртасын куы зонут, уæд ныры рæстæг
раиртасын уæ бон цæуылнæ у? 57Раст цы у,
уый уæхæдæг цæуылнæ зонут? 58Хъаст дыл
чи кæны, уыимæ тæрхондонмæ фæндагыл
бафидау; науæд дæ тæрхонгæнæгмæ ба-
кæндзæн, тæрхонгæнæг дæ ратдзæн хъахъ-
хъæнæгмæ, æмæ дæ уый ахæстоны сбадын
кæндзæн. 59Зæгъын дын: бафидын дæ цы
хъæуы, уый цалынмæ фæстаг мисхалы онг
раттай, уæдмæ уырдыгæй нæ рацæудзынæ».

**13** Уыцы рæстæг Йесомæ чидæртæ æр-
бацыдысты æмæ Йын радзырдтой, Пилат
нывонд хæссыны рæстæг кæй ныццагъта,
уыцы галилейæгты тыххæй: уыдонæн сæ туг
сæ нывæндты тугимæ схæццæ кодта, зæгъгæ.
2Йесо сын загъта: «Афтæ æнхъæл стут, æмæ
уыцы галилейæгтæ иннæ галилейæгтæй
тæригъæдджындæр уыдысты æмæ уымæн
бабын сты? 3Зæгъын уын, нæ уыдысты! Фæ-
лæ уæ тæригъæдтыл куы не ’рфæсмон кæнат,
уæд сымах уе ’ппæт дæр афтæ фесæфдзыстут.
4Кæнæ афтæ æнхъæл стут, æмæ, Силоамы
мæсыг кæуыл ныккалд æмæ йæ быны чи
фæмард, уыцы æстдæс лæджы Йерусалимы
иннæ цæрджытæй тынгдæр фæазымджын
сты? 5Нæ, зæгъын уын! Фæлæ уæ тæригъæд-
тыл куы не ’рфæсмон кæнат, уæд уе ’ппæт
дæр афтæ фесæфдзыстут».
6Æмæ сын æмбисонд æрхаста: «Иу лæгæн
йæ сæндоны зади легъуи бæлас. Иуахæмы
йæм, дыргътæ йыл фенон, зæгъгæ, бацыд,
фæлæ йыл ницы ссардта. 7Уæд загъта сæн-
донгæсæн: „Ныр æртыккаг аз цæуын ацы ле-
гъуи бæласмæ, исты дыргъ ыл ссарон, зæгъгæ,
æмæ йыл ницы уынын. Акал æй, дзæгъæлы
ма зæххыл бынат дæр цы ахсы“. 8Фæлæ йын
уый загъта: „Ме ’лдар, ацы аз ма йæ бауадз.
Æз ын йæ алфамбылай скъахдзынæн, фаджыс
ыл ныккæндзынæн, 9кæд фидæнмæ дыргъ
раттид; кæд нæ ратта, уæд-иу æй акал“».
10Сабаты Йесо синагогæтæй иуы ахуыр
кодта адæмы. 11Уым уыди, хъарусæттæг
æнæзæгъинаг æстдæс азы дæргъы уæгъд
кæй нæ уагъта, ахæм сылгоймаг. Уый афтæ
ныкъкъæдзтæ ис, æмæ йæхи сæмраст кæнын
йæ бон æппындæр нæ уыди. 12Йесо йæ куы
федта, уæд æм фæдзырдта æмæ йын загъта:
«Хорз ус, дæ низæй суæгъд дæ». 13Йæ къухтæ
йыл æрæвæрдта, æмæ сылгоймаг уайтагъд
сæмраст ис æмæ райдыдта Хуыцауы стауын.
14Уæд синагогæйы хицау смæсты ис, Йесо
сылгоймаджы сабаты кæй сдзæбæх кодта,
уый тыххæй æмæ адæмæн загъта: «Кусынæн
ис æхсæз боны, гъемæ-иу уæхи дзæбæх кæ-
нынмæ уыцы бонты цæут, сабаты та — нæ».
15Йесо йын дзуапп радта: «Дыдзæсгæмттæ,
алчидæр уæ сабаты йæ гал кæнæ йæ хæрæ-
джы кæвдæсæй не суадзы æмæ йæ донмæ
нæ аскъæры? 16Уæдæ сайтан æстдæс азы
дæргъы бастæй кæй фæдардта, Авраамы
уыцы чызджы йæ бæттæнтæй сабаты цæ-
уылнæ ис суæгъд кæнæн?» 17Йесо уый куы
загъта, уæд Йæ ныхмæлæуджытæ иууылдæр
фефсæрмы сты, æппæт адæм та цин кодтой
Йæ диссаджы хъуыддæгтыл.
18Уый фæстæ Йесо загъта: «Цæй хуызæн
у Хуыцауы Паддзахад? Цæимæ йæ абарон?
19Уый у, адæймаг йæ цæхæрадоны кæй бай-
тыдта, уыцы хъыцъыйы нæмыгау. Тау су-
агъта нæмыг, сбæлас ис, æмæ йын уæларвон
мæргътæ йæ къалиутыл ахстæттæ скодтой».
20Йесо та загъта: «Цæимæ абарон Хуыцауы
Паддзахад? 21Уый у, сылгоймаг ссады æртæ
сасирыл кæй бафтыдта æмæ хыссæ æгасæй
дæр кæмæй сæнхъызт, уыцы æнхъизæнау».
22Йесо зылди сахартæ æмæ хъæутыл æмæ
ахуыр кодта адæмы. Йæ фæндаг дардта
Йерусалиммæ.

23Чидæр Æй бафарста: «Хицау, чи фер-
вæздзæн, уыдон, æцæг, бирæ не сты?» Йесо
дзуапп радта: 24«Архайут нарæг дуарыл
бацæуыныл. Уымæн æмæ, зæгъын уын, би-
рæтæ бахизыныл архайдзысты, фæлæ сæ
бон нæ бауыдзæни. 25Хæдзары Хицау куы
сыста æмæ дуæрттæ куы сæхгæна, уæд сы-
мах, æдде лæугæйæ, дуар хойын райдай-
дзыстут æмæ дзурдзыстут: „Хицау, Хицау,
байгом нын кæн!“ Фæлæ уын Уый дзуапп
ратдзæни: „Чи стут æмæ кæцæй стут, уый нæ
зонын“. 26Уæд дзурдзыстут: „Мах Дæ разы
хордтам æмæ нуæзтам, адæмы нæ уынгты
ахуыр кодтай“. 27Фæлæ уын Уый зæгъдзæни:
„Зæгъын уын: чи стут æмæ кæцæй стут, уый
нæ зонын. Иууылдæр уæхи айсут Мæ разæй,
тæригъæдджынтæ!“ 28Æмæ уырдыгæй хъу-
ысдзæни кæуын æмæ дæндæгты хъыс-хъыс,
Авраамы, Исаакы, Йаковы, стæй пехуымпар-
ты се ’ппæты дæр Хуыцауы Паддзахады куы
фенат, уæхи та уын æддæмæ куы расурой,
уæд. 29Адæм æрцæудзысты скæсæн æмæ
ныгуылæнæй, цæгат æмæ хуссарæй æмæ
Хуыцауы Паддзахады фынгыл æрбаддзысты.
30Æмæ абоны фæстæгтæй бирæтæ суыдзыс-
ты фыццæгтæ, фыццæгтæй та — фæстæгтæ».
31Уыцы рæстæг Æм фарисейтæй чидæртæ
æрбацыдысты æмæ Йын загътой: «Дæхи ар-
дыгæй æндæр ранмæ айс, уымæн æмæ Дæ
Ирод амарынмæ хъавы». 32Йесо сын загъта:
«Ацæут æмæ уыцы рувасæн зæгъут: „Мæнæ
ма абон æмæ райсом сурын дæлимонты,
дзæбæх кæнын рынчынты æмæ иннæбон
фæуыдзынæн Мæ куыст“. 33Æниу, абон, рай-
сом æмæ иннæбон дæр фæндагыл хъуамæ
уон, уымæн æмæ уый гæнæн нæй, æмæ пе-
хуымпары Йерусалимы нæ, фæлæ æндæр
искуы амарой.
34Йерусалим, Йерусалим! Пехуымпарты
марæг æмæ Хуыцауæй æрвыстыты дуртæй
цæгъдæг! Цал хатты хъавыдтæн, маргъ йæ
лæппынты йæ базырты бын куыд бакæны,
афтæ дын дæ хъæбулты æрбамбырд кæнын-
мæ, фæлæ сымах нæ бафæндыди! 35Ныр уын
æнæхицауæй уагъдæуы уæ хæдзар. Æмæ уын
дзурын: цалынмæ афтæ зæгъат: „Арфæгонд
уæд Хуыцауы номæй Æрцæуæг!“, уæдмæ Мæ
нал фендзыстут».

**14** Иу сабаты Йесо сихор хæрынмæ фа-
рисейты хистæртæй иуы хæдзармæ бацыд,
æмæ Йæм фарисейтæ сæ цæст дардтой. 2Уым
Йæ бакомкоммæ бадти, доннизæй рынчын
чи уыди, ахæм лæг. 3Йесо бафарста динамон-
джытæ æмæ фарисейты: «Сабаты рынчынты
дзæбæх кæнын æмбæлы æви нæ?» 4Уыдон
ныхъхъус сты. Уæд бавнæлдта рынчынмæ,
сдзæбæх æй кодта æмæ йæ арвыста. 5Уы-
донæн та загъта: «Искæмæн уæ сабаты йæ
хæрæг кæнæ йæ гал цъайы куы ныххауа, уæд
æй уыцы сахат не сласдзæн, æви?» 6Æмæ
Йын дзуапп раттын сæ бон нæ уыди.
7Йесо бафиппайдта, хуынд адæмæй ал-
чидæр уæле сбадыныл куыд архайдта, уый
æмæ сын радзырдта æмбисонд: 8«Исчи дæ
чындзæхсæвмæ куы фæхона, уæд уæле ма
сбад, цæмæй, хуындтыты æхсæн дæуæй
кадджындæр куы разына, 9уæд, уæ дыу-
уæйы дæр чи фæхуыдта, уый дæм ма ба-
цæуа æмæ дын ма зæгъа: „Дæ бынат уымæн
ратт“. Æмæ уæд къæмдзæстыгæй фынджы
кæрон сбаддзынæ. 10Фæлæ, хуынды уæв-
гæйæ, фынгыл æппæты дæле сбад, цæмæй
дæм фысым бацæуа æмæ дын зæгъа: „Мæ
хæлар, уæлдæр сбад“. Æмæ уæд иннæ уаз-
джыты цæсты уыдзынæ кадджын. 11Уымæн
æмæ, йæхи бæрзонд бынаты чи æвæры, уый
æрныллæг уыдзæн, йæхи ныллæг чи кæны,
уый та сбæрзонд уыдзæн».
12Фысымæн та Йесо загъта: «Сихор кæнæ
æхсæвæры фынгмæ дæ хæлæрттæ, де ’фсы-
мæртæ, дæ хæстæджытæ кæнæ хъæздыг
сыхæгты ма фæхон, уымæн æмæ дæ иу бон
уыдон дæр фæхондзысты æмæ дын уымæй
дæ хорздзинад бафиддзысты. 13Фæлæ куывд
куы кæнай, уæд æрхон мæгуырты, цæнкуыл-
ты, къуылыхты æмæ куырмыты. 14Тæхудиаг
уыдзынæ, сæ бон дын æй бафидын кæй нæу,
уымæй. Уымæн æмæ дын уый тыххæй рæс-
тудты райгасы бон хæрзиуæг рардæуыдзæн».
15Уый фехъусгæйæ, уазджытæй иу Йесо-
йæн загъта: «Тæхудиаг у, Хуыцауы Паддза-
хады фынгыл минас чи кæна, уый!» 16Йесо
та йын дзуапп радта: «Иу лæг стыр куывд
скодта æмæ бирæты фæхуыдта. 17Фынг куы
сцæттæ ис, уæд хуынд адæммæ йæ лæг-
гадгæнæджы арвыста, цæмæй сын зæгъа:
„Табуафси, саккаг кæнут, алцыдæр цæттæ
у“. 18Æмæ се ’ппæт дæр, цыма æмдзырд ба-
кодтой, уыйау æфсæнттæ кæнынмæ фесты.
Сæ иу загъта: „Зæхх балхæдтон æмæ йæм
хъуамæ уынæг ацæуон. Хатырæй мын уæд“.
19Дыккаг загъта: „Фондз цæды галтæ балхæд-
тон æмæ сæ фæлварынмæ цæуын. Хатырæй
мын уæд“. 20Æртыккаг загъта: „Ус æрхастон,
æмæ мын уымæ гæсгæ нæй цæуæн“. 21Лæг-
гадгæнæг æрбаздæхт æмæ уыдæттæ иууыл-
дæр йæ хицауæн радзырдта. Хицау смæсты
ис æмæ йын загъта: „Рæвдз ауай сахары
уынгтæ æмæ фисынтæм æмæ мæгуырты,

цæнкуылты, куырмыты æмæ къуылыхты
æрбахон“. 22Лæггадгæнæг загъта: „Ме ’лдар,
цы мын загътай, уый бакодтон, фæлæ ма
дзы ноджыдæр бынæттæ ис“. 23Хицау та йын
афтæ: „Ауай стыр фæндæгтæ æмæ къахвæн-
дæгтæм æмæ, кæуыл фембæлай, уыдонæй
алкæй дæр сразы кæн, цæмæй æрцæуой
æмæ мæ хæдзар адæмæй байдзаг уа. 24Зæ-
гъын уын, раздæр кæй хуыдтон, уыдонæй
иу дæр нæ фæхъæстæ уыдзæн мæ куывды
фынгæй. [Уымæн æмæ хуындтытæ бирæ
сты, æвзæрстытæ — чысыл.]“»

25Йесоимæ цыди бирæ адæм. Уый сæм
разылдис æмæ сын загъта: 26«Чи Мæм æр-
бацæуа, уый йæ фыды, йæ мады, йæ усы, йæ
зæнæджы, йе ’фсымæрты, йæ хоты, уæлдай-
дæр та йæ цард Мæнæй фылдæр куы уарза,
уæд Мын ахуыргæнинагæн нæ бæззы. 27Йæ
дзуар чи нæ хæссы æмæ афтæмæй Мæ фæ-
дыл чи нæ цæуы, уый Мын ахуыргæнинагæн
нæ бæззы. 28Исчи уæ мæсыг амайын куы
сфæнд кæна, уæд уал раздæр не ’рбаддзæнис
æмæ, йæ саразынæн æй цытæ хъæуы, уыдæт-
тæ нæ банымайдзæн, цæмæй, цас хардз æй
хъæуы, уый бæрц æм ис æви нæ, уый базона?
29Науæд ын бындур куы æрæвæра, фæлæ йæ
кæронмæ самайын куынæ бафæраза, уæд
уый чи фена, уыдон ыл иууылдæр худдзыс-
ты 30æмæ дзурдзысты: „Ацы лæг амайын
райдыдта, фæлæ йын кæронмæ йæ самайын
нæ бантысти“. 31Кæнæ иу паддзах иннæйы
ныхмæ хæстмæ рацæуын куы сфæнд кæ-
на, уæд уал раздæр не ’рбаддзæни, мыййаг,
æмæ, ссæдз минимæ йæ размæ чи рацæуы,
уый ныхмæ дæс минимæ фæлæууын йæ
бон бауыдзæн æви нæ, уый тыххæй рагацау
нæ бауынаффæ кæндзæн? 32Æмæ йæм йæ
ныфс куынæ хæсса, уæд, цалынмæ ма дард у,
уæдмæ йæм бафидауыны охыл минæвæрт-
тæ арвитдзæни. 33Уæдæ Мын сымахæй дæр
ахуыргæнинагæн ничи бæззы, цыдæриддæр
æм ис, уыдæттæ куынæ ныууадза, уæд.

34Цæхх хорз у, фæлæ цæххæн йæ ад куы
фесæфа, уæд ма йæ цæмæй сцæхджын кæн-
дзынæ? 35Æгæрыстæмæй мæрмæ бахæссы-
нæн дæр нал фæбæззы, æмæ йæ акалынц.
Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!»

**15** Хъалонисджытæ æмæ тæригъæдджын-
тæ иууылдæр цыдысты Йесомæ байхъусын-
мæ. 2Фарисейтæ æмæ динамонджытæ та
Йæм мæсты кодтой æмæ дзырдтой: «Ай тæ-
ригъæдджынты суазæг кæны æмæ æмвынг у
семæ». 3Уæд сын Йесо ракодта ацы фæсномыг
ныхас: 4«Зæгъæм, сымахæй искæмæ сæдæ
фысы ис æмæ йын дзы иу фесæфти. Ау, уæд
нæуæдз фараст фысы æдзæрæг быдыры нæ
ныууадздзæн æмæ уыцы сæфты фæдыл нæ
ацæудзæн æмæ йæ нæ агурдзæн, цалын-
мæ йæ ссара, уæдмæ? 5Æмæ йæ куы ссара,
уæд æй, цингæнгæ, сисдзæни йæ уæхскмæ,
6æрцæудзæни хæдзармæ, æрбахондзæн
йæ хæлæртты, йæ сыхæгты æмæ сын зæгъ-
дзæни: „Цин кæнут мемæ — мæ сæфт фысы
ссардтон“. 7Зæгъын уын, фæсмоны сæр кæй
нæ хъæуы, ахæм нæуæдз фараст рæстгæ-
нæгæй иу фæсмонгæнæг тæригъæдджыны
тыххæй фылдæр цин уыдзæни уæлæрвты.

8Кæнæ райсæм, йæ дæс драхмæйæ иу кæ-
мæн фесæфт, уыцы сылгоймаджы. Ау, цы-
рæгътæ не ссудздзæн æмæ хæдзар мæрзын
нæ райдайдзæн, æмæ йæ цалынмæ не ссара,
уæдмæ йæ зæрдиагæй нæ агурдзæн? 9Æмæ
йæ куы ссара, уæд фæдзурдзæни йе ’мбал
сылгоймæгтæм æмæ йæ сыхæгтæм æмæ сын
зæгъдзæни: „Цин кæнут мемæ — мæ сæфт
драхмæ ссардтон“. 10Зæгъын уын, раст афтæ
фæцин кæнынц Хуыцауы зæдтæ иу фæс-
монгæнæг тæригъæдджыны тыххæй дæр».

11Йесо дзырдта дарддæр: «Иу лæгæн уыди
дыууæ фырты. 12Кæстæр йæ фыдæн загъта:
„Мæ фыд, дæ исбонæй мæм цы хауы, уый
мын ратт“. Æмæ фыд йæ мулк байуæрста се
’хсæн. 13Цалдæр боны фæстæ кæстæр фырт,
цыдæриддæр æм уыд, уый бамбырд кодта
æмæ йæхи дард бæстæм айста. Уым æнæуаг
цард кодта æмæ йæ бынтæ бахордта. 14Куы
ницыуал æм баззад, уæд уыцы бæстæйы
стонг заман скодта, æмæ хъуаг æййафын
райдыдта. 15Уæд бынæттон цæрджытæй
иумæ æххуырсты бацыд, æмæ йæ уый йæ
быдыртæм хуытæ хизынмæ арвыста. 16Лæп-
пу суанг хуыты хойрагæй дæр йæ гуыбын
бафсадыныл разы уыдаид, фæлæ йын уый
дæр ничи лæвæрдта.

17Йæхи куы æрæмбæрста, уæд загъта: „Мæ
фыдмæ цас æххуырстытæ ис, æмæ хойрагæй
сæ уæлдай ныууадзынц, æз та ам стонгæй
мæлын! 18Сыстон, фæцæуон мæ фыдмæ
æмæ йын зæгъон: ‚Мæ фыд, æз тæригъæд
ракодтон уæларв æмæ дæ разы 19æмæ дæ
фырты ном хæссыны аккаг нал дæн, фæлæ
мæ де ’ххуырстытау исты куыстыл бафтау‘
“. 20Уыйадыл сыстад æмæ ацыди йæ фыдмæ.
Фыд æй дардмæ ауыдта æмæ йын фæтæри-
гъæд кодта. Разгъордта йæм, йе ’фцæгыл ын
ныттыхсти æмæ йын батæ кодта. 21Фырт
ын загъта: „Мæ фыд, æз тæригъæд ракод-
тон уæларв æмæ дæ разы æмæ дæ фырты
ном хæссыны аккаг нал дæн“. 22Фыд йæ

цагъартæм фæсидти: „Рæвдздæр! Рахæссут
æппæты хуыздæр дарæс æмæ йыл æй скæ-
нут, къухдарæн ын бакæнут йæ къухыл, йæ
къæхтыл ын дзабыртæ скæнут. 23Хæрзхаст
род æрбакæнут æмæ йæ аргæвдут, цин æмæ
минас кæндзыстæм. 24Уымæн æмæ мын ацы
фырт уыди мард æмæ ныр райгас ис, уыди
мын сæфт æмæ фæзынди“. Уыйадыл стыр
куывд скодтой.
25Хистæр фырт та уыцы рæстæг уыди бы-
дыры æмæ, уырдыгæй æрбацæйцæугæйæ,
хæдзармæ куы æрбахæстæг, уæд фехъу-
ыста фæндыры зæлтæ æмæ кафты уынæр.
26Фæсдзæуинтæй иумæ фæдзырдта æмæ
йæ, цы хабар у, зæгъгæ, бафарста. 27Уый
йын дзуапп радта: „Де ’фсымæр æрбацыд,
æмæ йын дæ фыд, йæ хæдзарыл сæрæгасæй
кæй сæмбæлд, уый тыххæй хæрзхаст род
аргæвста“. 28Хистæр фырт смæсты ис, æмæ
йæ мидæмæ бацæуын нал фæндыд. Уæд æм
фыд рацыд æмæ йын лæгъстæ кæнын рай-
дыдта. 29Фæлæ йын уый дзуапп радта: „Ныр
дын уал азы цагъары куыст кæнын, дæ ны-
хасы сæрты никуы ахызтæн, ды та мын мæ
хæлæрттимæ фæминас кæнынæн сæникк
дæр никуы рауæлдай кодтай. 30Фæлæ дын
хъахбайтимæ дæ мулк чи бахордта, дæ уыцы
фырт та дæм куыддæр фæзынди, афтæ йын
хæрзхаст род аргæвстай“. 31Фыд ын загъта:
„Лæппу, ды кæддæриддæр мемæ дæ, æмæ
мæм цыдæриддæр ис, уый дæу у. 32Фæлæ
цины бæрæгбон саразын æмбæлд, уымæн
æмæ де ’фсымæр уыди мард æмæ райгас ис,
уыди сæфт æмæ фæзынди“».

**16** Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн загъта: «Иу
хъæздыг лæг йæ исбонæн уынаффæгæнæг
дардта, æмæ йæм фæхабар чындæуыд, дæ
мулк дын хæлæттаг кæны, зæгъгæ. 2Уый
йæм фæсидт æмæ йын загъта: „Уый дæ цытæ
хъусын? Дæ бæрны цы уыди, уымæн хыгъд
скæн æмæ мæм æй ратт, нырæй фæстæмæ
мæ исбонæн уынаффæ кæнынæй сæрибар
дæ“. 3Уынаффæгæнæг йæхинымæр загъта:
„Ныр цы кæнон? Мæ бынатæй мæ исы мæ
хицау. Зæхх къахын мæ бон нæу, мæгуыр-
гур цæуын та мæм худинаг кæсы. 4Фæлæ,
уынаффæгæнæджы бынатæй куы фæхауон,
уæд мæ цæмæй исчи йæ хæдзары суазæг
кæна, уымæн æз хос зонын“.
5Уыйадыл бавдæлд æмæ йæ хицауы хæс-
джынтæй алкæмæ дæр хицæнæй фæдзырдта.
Фыццаджы бафарста: „Мæ хицауæй цас да-
рыс?“ 6Уый йын дзуапп радта: „Фондзыссæдз
дурыны оливæйы сой“. Уæд ын загъта: „Айс
дæ гæххæтт, сбад æмæ рæвдздæр ныффысс:
дæс æмæ дыууиссæдз“. 7Уый фæстæ бафарста
иннæйы: „Ды та цас дарыс?“ Уый йын дзуапп
радта: „Сæдæ барæны мæнæу“. Уæд уымæн
та загъта: „Айс дæ гæххæтт æмæ ныффысс:
цыппарыссæдз“. 8Æмæ хицау раппæлыд йæ
мæнгард хæдзаргæсæй, афтæ кæй сарæхсти,
уый тыххæй, уымæн æмæ ацы дунейы хъæ-
былтæ, сæхи хуызæн чи у, уыдонимæ исты
хъуыддæгтæ куы фæаразынц, уæд рухсы
хъæбултæй æрхъуыдыджындæр вæййынц.
9Æмæ уын Æз дæр зæгъын: скæнут уæхи-
цæн хæлæрттæ æнæраст мулчы фæрцы, цæ-
мæй, куы смæгуыр уат, уæд уæ уыдон суазæг
кæной се ’нусон цæрæнбынæтты. 10Чысыл
хъуыддаджы æууæнк кæуыл ис, уый стыр хъу-
ыддаджы дæр æууæнкджын у, чысыл хъуыд-
даджы мæнгард чи у, уый стыр хъуыддаджы
дæр мæнгард у. 11Уæдæ кæд æнæраст мулкыл
иузæрдион нæ разындыстут, уæд уын æцæг
мулк уæ бæрны чи бакæндзæн? 12Æмæ кæд
искæй мулкыл нæ бацауæрстат, уæд уын уæхи
мулк та уæ бар куыд бакæндзысты? 13Никæй
бон у дыууæ хицауæн кусын — сæ иуæй йе
сæфт уындзæн, иннæйы та уарздзæни, кæнæ
сæ иуыл иузæрдион уыдзæн, иннæйы та ни-
цæмæ дардзæн. Уæ бон нæ бауыдзæни Хуыца-
уæн дæр æмæ æхцайæн дæр лæггад кæнын».
14Æппæт уыдæттæ хъуыстой æхцауарзаг
фарисейтæ æмæ Йыл худтысты. 15Йесо сын
загъта: «Адæмы раз уæхи рæстгæнджытæй
æвдисут, фæлæ уын Хуыцау уæ зæрдæтæ
зоны. Уымæн æмæ, адæммæ кадджын цы
у, уый Хуыцауы цæсты æлгъаг у.
16Моисейы Æгъдау æмæ пехуымпартæ
Иоанны размæ уыдысты. Ацы рæстæджы
та хъуыстгонд цæуы Хуыцауы Паддзахады
уац, æмæ алчидæр йе ’ппæт хъарутæй уыр-
дæм бахауынмæ архайы. 17Фæлæ Æгъдауæй
иу хахх фæхъæуыны бæсты арв æмæ зæхх
æнцондæрæй фесæфдзысты.
18Йæ усы чи ауадза æмæ æндæр ус чи раку-
ра, уый хæтгæ кæны. Йæ мойæ чи ахицæн ис,
уыцы усы чи ракура, уый дæр хæтгæ кæны.
19Уыдис иу хъæздыг лæг, уый дардта зы-
наргъ æмæ рæсугъд дарæс, хъал цард кодта.
20Уыдис ноджы иу мæгуыргур, йæ ном — Ла-
зыр. Йæ буар æгасæй дæр хæфдзæстытæ фес-
тад. Хъæздыджы кулдуары рæбын хуыссыд
21æмæ бæллыди, уыцы лæджы фынгæй цы
муртæ хауди, уыдонæй йæхи бафсадынмæ.
Куыйтæ-иу бауадысты æмæ йын йæ хæф-
дзæстытæ стæрдтой.
22Амард мæгуыр лæг, æмæ йæ зæдтæ Авра-
амы хъæбысмæ схастой. Амард хъæздыг лæг

дæр, æмæ йæ баныгæдтой. 23Зындоны хъи-
зæмар кæнгæйæ, уый йæ цæстытыл схæцыд
æмæ дардмæ суыдта Авраамы, йæ фарсмæ
та — Лазыры. 24Æмæ ныхъхъæр кодта: „Мæ
фыдæл Авраам! Фæтæригъæд мын кæн æмæ
мæм Лазыры рарвит: йе ’нгуылдз доны атула
æмæ мын дзы ме ’взаг асатæг кæна, уымæн
æмæ æз ацы арты хъизæмарæй мæлын“.
25Фæлæ йын Авраам загъта: „Мæ хъæбул, ды
дæ удæгасæй царды хорзæхтæ кæй райстай,
Лазыр та хъизæмар кæй бавзæрста, уый дæ
зæрдыл æрлæууын кæн. Ныр уый ам рæв-
дыд у, ды та удхар кæныс. 26Уый æдде ма не
’хсæн ис стыр сæрсæфæн, цæмæй, ардыгæй
уырдæм ацæуынвæнд чи кæны, уыдонæн
ма бантыса, афтæ уырдыгæй дæр ардæм
æрбацæуæн нæй“. 27Уæд хъæздыг лæг загъ-
та: „Уæд та дын лæгъстæ кæнын, мæ фыдæл,
Лазыры арвит мæ фыды хæдзармæ. 28Фондз
æфсымæры мын ис; уадз æмæ сын зæгъа,
цæмæй уыдон дæр ацы удхары бынатмæ ма
æрбахауой“. 29Фæлæ йын Авраам загъта: „Ис
сын Моисей æмæ пехуымпартæ, уыдонмæ
хъусæнт“. 30Уый та йын загъта: „Нæ, мæ фы-
дæл Авраам! Мæрдтæй сæм исчи куы ’рцæуа,
уæд æрфæсмон кæндзысты“. 31Авраам ын
дзуапп радта: „Моисей æмæ пехуымпар-
тæм кæм нæ хъусынц, уым, мæрдтæй исчи
райгас уа, ууыл дæр нæ бауæнддзысты“».

**17** Йесо ма Йæ ахуыргæнинæгтæн ноджы-
дæр загъта: «Ис æмæ кæддæриддæр уы-
дзæнис, адæймаг тæригъæды кæй тыххæй
бацæуы, ахæм мондаггæнæнтæ, фæлæ сар
йæ сæр кæны, тæригъæд кæй аххосæй æр-
цæуа, уымæн. 2Ацы кæстæртæй иуы дæр
тæригъæдыл чи бафтауа, уымæн фæлтау
ныридæгæн йæ бæрзæйыл куыройы фыд
куы æрцауындзиккой æмæ йæ денджызы
куы баппариккой, уæд ын хуыздæр уаид.
3Кæсут уæхимæ! Де ’фсымæр дæ тæри-
гъæды куы бацæуа, уæд ын бауайдзæф кæн
æмæ, кæд æрфæсмон кæна, уæд ын ныббар.
4Бон авд хатты дæ тæригъæды куы бацæуа
æмæ дæ бон авд хатты хатыр куы ракура
æмæ дын куы зæгъа: „Фæсмон кæнын“, уæд
ын ныххатыр кæн».
5Апостолтæ Йесойæ куырдтой: «Бафтау
нын нæ уырныдзинадыл». 6Йесо сын загъта:
«Хъыцъыйы нæмыджы йас уырныдзинад
уæм куы уаид æмæ мæнæ ацы тута бæласæн
афтæ куы зæгъиккат, зæххæй дæ уидæгтæ
срæдув æмæ дæхи денджызы ныссадз, зæгъ-
гæ, уæд уæ коммæ бакæсид.
7Зæгъæм, сымахæй искæмæн, хуым чи кæ-
ны кæнæ фос чи хизы, ахæм цагъар ис. Æмæ
уый быдырæй куы æрбацæуа, уæд ын, цымæ,
сымахæй исчи афтæ зæгъдзæни: „Рæвдздæр
рауай æмæ фынджы уæлхъус æрбад“? 8Нæ,
фæлтау ын зæгъдзыстут: „Марадз, æхсæвæр
мын æрцæттæ кæн, дæ рон æрбалвас æмæ,
цалынмæ хæрон æмæ нуазон, уæдмæ мын
лæггад кæн; стæй уый фæстæ дæхæдæг дæр
хæр æмæ нуаз“. 9Цы йын бафæдзæхстат, уый
кæй бакодта, уый тыххæй уыцы цагъарæн,
мыййаг, арфæтæ кæндзыстут? [Æнхъæл нæ
дæн.] 10Афтæ сымах дæр — цыдæриддæр
уын бафæдзæхстæуыд, уый куы бакæнат,
уæд-иу зæгъут: „Мах ницæйаг цагъартæ
стæм — цы нын æмбæлдис, уымæй дарддæр
ницы сарæзтам“».
11Йерусалиммæ цæугæйæ, Йесойы фæндаг
уыди Самарийы æмæ Галилейы æхсæн арæ-
ныл. 12Æмæ иу хъæуы Йæ размæ фесты дæс
хъотырджыны. Дæрддзæф æрлæууыдысты
13æмæ йæм уырдыгæй хъæр кодтой: «Хицау
Йесо, батæригъæд нын кæн!» 14Йесо сæ куы
федта, уæд сын загъта: «Ацæут, уæхи фенын
кæнут сауджынтæн». Æмæ ма фæндагыл
уыдысты, афтæ сæнæниз сты. 15Сæ иу, кæй
сдзæбæх ис, уый куы федта, уæд фæстæмæ
раздæхти æмæ хъæлæсы дзагæй кад кодта
Хуыцауæн. 16Йесойы къæхты раз зæххыл
ныддæлгом ис æмæ Йын арфæ кодта. Уы-
цы лæг уыди самариаг. 17Уæд Йесо загъта:
«Дæс адæймаджы не ссыгъдæг сты, æви?
Уæд иннæ фараст кæм сты? 18Ацы æндæр-
бæстаг куы раздæхти, уæд уыдон цæуылнæ
раздæхтысты Хуыцауы скадджын кæнын-
мæ?» 19Æмæ йын загъта: «Сыст æмæ ацу, дæ
уырныдзинад дæ фервæзын кодта».
20Иуахæмы фарисейтæ Йесойы бафарс-
той, Хуыцауы Паддзахад кæд æрцæудзæни,
зæгъгæ. Уый сын дзуапп радта: «Хуыцауы
Паддзахады æрцыдæн цæстæй фенæн нæ
уыдзæн. 21Афтæ ничи зæгъдзæни: „Мæнæ
ам ис“ кæнæ: „Уæртæ уым ис“. Уымæн æмæ
Хуыцауы Паддзахад уæ зæрдæйы ис».
22Йæ ахуыргæнинæгтæн та загъта: «Скæн-
дзæнис ахæм рæстæг, æмæ уæ бафæнддзæн
Адæймаджы Фырты Паддзахады бонтæй
уæд та иу фенын, фæлæ йæ нæ фендзыстут.
23Уæд уын зæгъдзысты: „Мæнæ ам ис“ кæнæ:
„Уæртæ уым ис“. Ма цæут уырдæм, ма згъорут
сæ фæдыл. 24Уымæн æмæ, арвæрттывд арвы
тыгъдад иу кæронæй иннæмæ куыд ныррухс
кæны, афтæ уыдзæн Адæймаджы Фырты

**17:21** Ацы бынатæн бамбарæн ис афтæ дæр: Хуыцауы Пад-
дзахад уе ’хсæн ис.

ærцыд дæр. 25Фæлæ уал раздæр хъуамæ
бавзара бирæ хъизæмæрттæ, æмæ Йыл ацы
фæлтæр йæхи атигъ кæна. 26Æмæ, Нойы бон-
ты куыд уыдис, афтæ уыдзæн, Адæймаджы
Фырт куы ’рцæуа, уæд дæр. 27Адæм хордтой,
нуæзтой, устытæ хастой æмæ цыдысты мой-
мæ, цалынмæ Ной наумæ нæ бахызт æмæ
доныхъаймæт се ’ппæты дæр нæ фесæфта,
уæдмæ. 28Афтæ уыди Лоты заманы дæр:
адæм хордтой, нуæзтой, æлхæдтой, уæй код-
той, сагътой, арæзтой. 29Фæлæ Лот Содомæй
куы рацыди, уыцы бон арвæй цæхæр сондо-
нимæ фемæхсти æмæ се ’ппæты дæр бабын
кодта. 30Афтæ уыдзæни, Адæймаджы Фырт
куы ’рцæуа, уæд дæр. 31Уыцы бон уæлхæдзар
чи уа, уый уырдыгæй хæдзармæ ма æрхизæд
йæ дзаумæттæ рахæссынмæ. Быдыры чи уа,
уый дæр ма раздæхæд. 32Уæ зæрдыл дарут
Лоты усы. 33Йæ цард бахъахъхъæнын чи
фæлвара, уый йæ фесафдзæни; йæ цард чи
фесафа, уый та йæ бахъахъхъæндзæн. 34Зæ-
гъын уын: уыцы æхсæв дыууæйæ уыдзысты
иу хуыссæны — сæ иуы акæндзысты, иннæ
та баззайдзæни. 35Дыууæ сылгоймаджы
иумæ хор сдзысты — сæ иуы акæндзысты,
иннæ та баззайдзæни. 36[Дыууæйæ уыдзыс-
ты быдыры — сæ иуы акæндзысты, иннæ та
баззайдзæни]». 37Уæд Æй бафарстой: «Уый
кæм уыдзæни, Бардарæг?» Йесо сын загъта:
«Холы кæм уа, уым æрæмбырд уыдзысты
холыхор сынтытæ дæр».

**18** Æдзух кувын кæй æмбæлы æмæ хъын-
цъым кæнын кæй нæ хъæуы, уый тыххæй
сын Йесо æмбисонд æрхаста:
2«Иу сахары уыди, Хуыцауæй чи нæ тарст
æмæ адæмæй чи не ’фсæрмы кодта, иу ахæм
тæрхонгæнæг. 3Уыцы сахары ма цардис иу
идæдз сылгоймаг дæр. Уый арæх цыди тæр-
хонгæнæгмæ æмæ йын лæгъстæ кодта: „Мæ
рæстдзинад мын сбæлвырд кæн, равзар мын
мæ хъуыддаг“. 4Тæрхонгæнæг æм цасдæр
рæстæг ницы йæ хъус дардта, фæлæ æп-
пынфæстаг йæхицæн загъта: „Æз нæдæр
Хуыцауæй тæрсын, нæдæр адæмæй æфсæр-
мы кæнын. 5Фæлæ мæ иугæр ацы идæдз ус
æнцад нал уадзы, уæд ын баххуыс кæнон,
цæмæй мæм мауал цæуа æмæ мæ мауал
фæлмæцын кæна“». 6Æмæ Бардарæг бафарс-
та: «Хъусут, уыцы мæнгард тæрхонгæнæг
цы загъта, уымæ? 7Ау, уæдæ уæд Хуыцау,
æхсæвæй-бонæй Йын чи лæгъстæ кæны,
Йæ уыцы æвзæрстыты нæ бахъахъхъæн-
дзæн, æви? Мыййаг, Йе ’ххуысимæ бафæс-
тиат уыдзæн? 8Зæгъын уын, рæхджы сын
баххуыс кæндзæн. Фæлæ Адæймаджы Фырт
куы ’рцæуа, уæд ма зæххыл уырнындзинад
ссардзæни, цымæ?»
9Йæхи раст чи хуыдта æмæ иннæты та
чи ницæуыл нымадта, уыдонæн та Йесо
æрхаста ахæм æмбисонд: 10«Дыууæ адæй-
маджы бацыдысты Кувæндонмæ кувынмæ:
сæ иу — фарисей, иннæ — хъалонисæг. 11Фа-
рисей слæууыд æмæ йæхинымæр кувын
райдыдта: „Хуыцау, бузныг дæн Дæуæй, æз
иннæтау стигъæг, æдзæсгом æмæ хъахбай
кæй нæ дæн, стæй мæнæ ацы хъалонисæ-
джы хуызæн дæр кæй нæ дæн, уый тыххæй.
12Ком дарын къуыри дыууæ хатты; ме ’ппæт
æфтиаджы дæсæймаг хай дæттын Дæуæн“.
13Хъалонисæг та дæрддзæф лæууыд æмæ
арвмæ скæсын дæр нæ уæндыди, æрмæст
йæ риу хоста æмæ дзырдта: „Хуыцау, ныб-
бар мын, тæригъæдджын дæн æз“. 14Зæгъын
уын, йæ хæдзармæ хъалонисæг Хуыцауæй
хатыргондæй ацыд, фарисей та — нæ. Уымæн
æмæ, йæхи бæрзонд чи кæны, уый æрныл-
лæг уыдзæн, йæхи чи ныллæг кæны, уый та
сбæрзонд уыдзæн».
15Йесомæ кодтой сабиты дæр, цæмæй сыл
бандзæва, фæлæ ахуыргæнинæгтæ уый куы
федтой, уæд сæ нæ уагътой. 16Йесо сабитæм
фæдзырдта, Йæ ахуыргæнинæгтæн та загъ-
та: «Æрбауадзут Мæм сæ, ма сæ хъыгдарут,
уымæн æмæ Хуыцауы Паддзахад, адоны
хуызæн чи у, уыдоны у. 17Æцæг цы у, уый уын
зæгъын: Хуыцауы Паддзахадыл сывæллонау
чи нæ бауæнда, уый йæм нæ бацæудзæни».
18Иу хицау Йесойы бафарста: «Хорз Аху-
ыргæнæг, мыггагмæйы цард райсыны тых-
хæй цы саразон?» 19Йесо йын дзуапп радта:
«Цæмæн Мæ хоныс хорз? Иунæг Хуыцауы
йеддæмæ хорз ничи у. 20Ды фæдзæхсты-
тæ зоныс: „Ма хæт“, „Ма амар“, „Ма дав“,
„Мæнгæвдисæн ма ныллæуу“, „Нымай дæ
фыд æмæ дæ мады“». 21Уый Йесойæн загъта:
«Æппæт уыдæттæ æз ме ’взонджы бонтæй
нырмæ æххæст кæнын». 22Йесо уый куы
фехъуыста, уæд ын зæгъы: «Иу хъуыддаг ма
дын нæ фаг кæны: цыдæриддæр дæм ис, уый
ауæй кæн æмæ де ’хца мæгуыртыл байуар,
æмæ дын уæд уæлæрвты уыдзæни хæзна.
Стæй-иу раздæх æмæ цу Мæ фæдыл». 23Уый
уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд æрæн-
къард ис, уымæн æмæ тынг хъæздыг уыди.
24Кæй æрæнкъард ис, уый Йесо куы федта,
уæд загъта: «Æвæдза, бонджынтæн куыд зын
у Хуыцауы Паддзахадмæ бацæуын! 25Уымæн
æмæ хъæздыгæн Хуыцауы Паддзахадмæ ба-
цæуынæй теуайæн судзины быныл ахизын

æнцондæр у». 26Уыцы ныхæстæ чи фехъу-
ыста, уыдон бафарстой: «Уæдæ чи фервæз-
дзæн?» 27Йесо сын загъта: «Адæмы бон цы
нæу, уый Хуыцауы бон у». 28Уæд Ын Петр
загъта: «Мæнæ мах ныууагътам æппæт дæр
æмæ рацыдыстæм Дæ фæдыл». 29Йесо сын
дзуапп радта: «Æцæг цы у, уый уын зæгъын:
Хуыцауы Паддзахады тыххæй йæ хæдзар, йæ
усы, йе 'фсымæрты, йæ ныййарджыты кæнæ
йæ сывæллæтты чи ныууадза, уыдонæй иу
дæр ахæм нæй, 30æмæ ныртæккæ, ацы зама-
ны, бирæ фылдæр чи не ссара, æрцæуинаг
дунейы та мыггагмæйы цард чи нæ райса».

31Йесо фæхибар кодта дыууадæсы æмæ
сын загъта: «Ныр мах цæуæм Йерусалиммæ,
æмæ, Адæймаджы Фырты тыххæй пехуым-
партæ цыдæриддæр ныффыстой, уый сæх-
хæст уыдзæн: 32Ратдзысты Йæ муртаттæгты
къухмæ, æмæ Дзы уыдон хынджылæг кæн-
дзысты, бафхæрдзысты Йæ æмæ Йыл тутæ
кæндзысты, 33ехсæй Йæ фæнæмдзысты æмæ
Йæ амардзысты, æмæ æртыккаг бон райгас
уыдзæни». 34Уыдон Ын Йæ ныхæстæн ницы
бамбæрстой. Цæуыл дзырдта, уыдæттæ сын
æргом нæ уыдысты æмæ сæм нæ бахъардтой.

35Йесо Йерихонмæ куы баввахс ис, уæд
уым фæндаггæрон бадти иу куырм мæгу-
ыргур. 36Æмæ адæм йæ цурты фæцæуынц,
уый фехъусгæйæ, бафарста: «Цы хабар у?»
37Загътой йын: «Назаретаг Йесо æрбацæуы».
38Уæд уый ныхъхъæр кодта: «Йесо, Давиды
Фырт, батæригъæд мын кæн!» 39Разæй чи
цыди, уыдон æй басабыр кæнын фæлвæрд-
той, фæлæ уый ноджы тынгдæр хъæр кодта:
«Давиды Фырт, батæригъæд мын кæн!»

40Йесо æрлæууыд æмæ загъта, цæмæй
Йæм æй æрбакæной. Куы Йæм æрбацыд,
уæд æй Йесо бафарста: 41«Цы дæ фæнды? Цы
дын саразон?» Уый Йын дзуапп радта: «Хи-
цау, мæн фæнды цæстæй ракæсын». 42Йесо
йын загъта: «Ракæс! Дæ уырныдзинад дæ
фервæзын кодта». 43Уыцы сахат куырм лæг
цæстæй суыдта æмæ, Хуыцауы стаугæйæ,
Йесойы фæдыл ацыди. Адæм уый куы фед-
той, уæд се 'ппæт дæр кад кодтой Хуыцауæн.

**19** Йесо бахæццæ ис Йерихонмæ æмæ
уынджы фæцæйцыди. 2Уым та уыдис иу
адæймаг, йæ ном Закхей — хъалонисджыты
хицау æмæ хъæздыг лæг. 3Йесойы фенын æй
фæндыди, фæлæ асæй ныллæг уыд, æмæ
йæм адæмæй нæ зынди. 4Уæд азгъордта
размæ æмæ Йæ кæд афтæмæй фенин, зæгъ-
гæ, легъуи бæласмæ схызти, уымæн æмæ
Йесойæн Йæ фæндаг ууылты уыди. 5Йесо
уырдæм куы бахæццæ ис, уæд æм уæлæмæ
скасти æмæ загъта: «Закхей, рæвдздæр æр-
хиз, Æз абон дæ хæдзары хъуамæ уон». 6Уый
рæвдзгомау æрхызти æмæ Йæ, цингæнгæ,
суазæг кодта. 7Адæм уый куы федтой, уæд
сæ хъуыр-хъуырæй нал æнцадысты, уыцы
тæригъæдджын адæймагмæ уазæгуаты куыд
бацыд, зæгъгæ. 8Закхей та сыстад æмæ Йе-
сойæн загъта: «Хицау, мæ мулкæн йе 'мбис
мæгуыртæн байуардзынæн æмæ, кæд ис-
кæй хъыджы бацыдтæн, уæд æй уымæн та
цыппар ахæмæй бафиддзынæн». 9Йесо йын
загъта: «Абон ацы хæдзармæ ирвæзындзи-
над æрцыд, уымæн æмæ ацы адæймаг дæр
Авраамы байзæддагæй у. 10Адæймаджы
Фырт æрцыд сæфтыты бацагурынмæ æмæ
сæ фервæзын кæнынмæ».

11Адæм уыцы ныхæстæм куы хъуыстой,
уæд ма сын Йесо иу æмбисонд æрхаста, уы-
мæн æмæ Йæ бирæ нал хъуыди Йерусалим-
мæ, æмæ адæм æнхъæл уыдысты, Хуыцауы
Паддзахад рæхджы æрцæудзæни, зæгъгæ.

12Йесо загъта: «Иу лæг, уæздан мыгга-
гæй, дард бæстæм цæуинаг уыди, цæмæй
уым паддзахы бартæ райстаид æмæ фæс-
тæмæ æрыздæхтаид. 13Йæ дæс цагъармæ
фæдзырдта, дæс минæйы сын радта æмæ
загъта: „Æфтиаг сæ куыд райсат, афтæ сæ
спайда кæнут ме 'рцыдмæ". 14Фæлæ, йе
'мбæстæгтæн æнæуынон кæй уыди, уымæ
гæсгæ уыдон бавдæлдысты æмæ йын йæ
фæдыл минæвæрттæ арвыстой ахæм ны-
хæстимæ: „Мах нæ фæнды, цæмæй нын ацы
адæймаг паддзахиуæг кæна".

15Паддзахæй йæ куы сæвæрдтой æмæ фæс-
тæмæ куы æрыздæхт, уæд, чи цас æфтиаг
райста, уый базоныны тыххæй фæсидти,
æхца кæмæн радта, уыцы цагъартæм.

16Уыдонæн сæ фыццаг æрбацыд æмæ загъ-
та: „Хицау, дæ минæ æфтиаг æрхаста дæс
минæйы". 17Уый йын загъта: „Хорз, мæ дзæ-
бæх цагъар! Чысыл хъуыддаджы иузæрдион
кæй разындтæ, уымæ гæсгæ дæ хицауæй
æвæрын дæс сахарæн". 18Æрбацыди дыккаг
æмæ загъта: „Хицау, дæ минæ æфтиаг æр-
хаста фондз минæйы". 19Уымæн дæр загъта:
„Дæу та хицауæй æвæрын фондз сахарæн".
20Æрбацыд æртыккаг æмæ загъта: „Хицау,
мæнæ дæ минæ, хæцъилы тыхтæй йæ фæ-
дардтон. 21Тæрсгæ дæ кодтон, уымæн æмæ
карз лæг дæ: цы нæ нывæрдтай, уый исыс,
цы нæ байтыдтай, уый кæрдыс". 22Хицау ын
загъта: „Дæхи дзыхæй дын тæрхон кæндзы-
нæн, æвзæр цагъар! Æз карз лæг кæй дæн
æмæ, цы нæ нывæрдтон, уый кæй исын, цы

нæ байтыдтон, уый кæй кæрдын, уыдæт-
тæ куы зыдтай, 23уæд мын ме ’хца пайда
дзы скæнынмæ цæуылнæ радтай, цæмæй
йæ, фæстæмæ æрыздæхгæйæ, æфтиагимæ
райстаин?“
24Æмæ, уым чи лæууыди, уыдонæн загъ-
та: „Райсут ын йæ минæ æмæ йæ раттут,
дæс минæйы кæмæ ис, уымæн“. 25Уыдон ын
загътой: „Хицау, æмæ уымæ дæс минæйы
куы ис“. 26Уый дзуапп радта: „Зæгъын уын,
кæмæ ис, уымæн ма ноджыдæр рардæуы-
дзæни; кæмæ нæй, уымæй та, цы йæм ис,
уый дæр ист æрцæудзæни. 27Паддзах сын уон,
уый кæй нæ фæндыди, мæ уыцы знæгты та
æрбакæнут æмæ сæ ам мæ разы амарут“».
28Уыцы ныхæсты фæстæ та Йесо ногæй
Йæ фæндаг сарæзта Йерусалиммæ. 29Еле-
он, зæгъгæ, уыцы хохы фахсыл Виффаги
æмæ Вифанимæ куы фæцæйхæццæ кодтой,
уæд Йæ ахуыргæнинæгтæй дыууæмæ фæ-
дзырдта 30æмæ сын загъта: «Ацæут, уартæ
нæ ныхмæ цы хъæу ис, уырдæм. Хъæугæрон
фендзыстут баст къæлæу, адæймаг кæуыл
нæма сбадти, ахæм. Суадзут-иу æй æмæ йæ
ардæм æркæнут. 31Исчи уæ куы бафæрса,
цæмæн æй уæгъд кæнут, зæгъгæ, уæд-иу
ын зæгъут: „Хицауы хъæуы“».
32Ахуыргæнинæгтæ ацыдысты æмæ æп-
пæт дæр, Йесо сын куыд загъта, афтæмæй
баййæфтой. 33Къæлæуы куы уæгъд кодтой,
уæд сæ йæ хицæуттæ бафарстой: «Цæмæн æй
уæгъд кæнут?» 34Уыдон сын дзуапп радтой:
«Хицауы хъæуы». 35Æркодтой къæлæуы Йе-
сомæ, æрæппæрстой йыл сæ дарæстæ æмæ
йыл Йесойы сбадын кодтой.
36Йесо куы фæцæйцыд, уæд Ын адæм Йæ
развæндагыл сæ дарæстæ тауын райдыдтой.
37Елеоны хохы æрхизæнмæ куы фæцæйхæц-
цæ кодта, уæд Йæ бирæ ахуыргæнинæгтæ
иуулдæр Хуыцауы стауын райдыдтой, сæ-
хи цæстæй кæй федтой, æппæт уыцы дис-
сæгты тыххæй: 38«Арфæгонд уæд Хуыцауы
номæй æрцæуæг Паддзах! Фарн — уæлæрвты
æмæ кад — бæрзæндты!» 39Адæмимæ чи уы-
ди, уыцы фарисейтæй Йын чидæртæ загътой:
«Ахуыргæнæг, Дæ ахуыргæнинæгты ныхъ-
хъус кæн». 40Фæлæ сын Йесо дзуапп радта:
«Зæгъын уын: уыдон куы ныхъхъус уой, уæд
дуртæ ныхъхъæр кæндзысты».
41Йесо сахармæ куы æрбахæстæг æмæ
йæм куы акасти, уæд ыл ныккуыдта 42æмæ
загъта: «Тæхуды, æмæ ды дæр уæд та ацы
бон куы базонис, фарны хос дын цы у, уый!
Фæлæ уый ныр дæуæй æмбæхст у. 43Уымæн
æмæ дыл ахæм бонтæ акæндзæн, æмæ де
знæгтæ дæ къулты алыварс сыджытбырутæ
самайдзысты, æрхъула дыл кæндзысты æмæ
дæ алырдыгæй æрбалвасдзысты. 44Ныппырх
дæ кæндзысты, дæ цæрджыты дын ныц-
цæгъддзысты дæ мидæг æмæ дæ дур дурыл
нал ныууадздзысты, Хуыцауы æрцыды афон
кæй нæ базыдтай, уый тыххæй».
45Йесо Кувæндонмæ бацыд æмæ уырдыгæй
уæйгæнджыты тæрын райдыдта. 46Дзырдта
сын: «Фыст ис: „Мæ Хæдзар уыдзæни кувæн
хæдзар“, сымах та дзы абырджыты лæгæт
сарæзтат».
47Йесо алы бон дæр Кувæндоны адæмы
ахуыр кодта. Алчертæ, динамонджытæ æмæ
адæмы хистæртæ та Йæ амарынвæнд код-
той, 48фæлæ уымæн ницы амал ардтой, уы-
мæн æмæ адæм иудадзыг иууылдæр Йемæ
уыдысты æмæ Йын Йæ алы ныхасмæ дæр
хъуыстой.

**20** Иу бон та Йесо адæмы Кувæндоны куы
ахуыр кодта æмæ сын Фарны Уац куы хъусын
кодта, уæд Æм алчертæ æмæ динамонджы-
тæ бацыдысты адæмы хистæртимæ 2æмæ
Йæ фарстой: «Зæгъ-ма нын, æппæт адæттæ
цавæр хъаруйæ кæныс? Дæуæн уыцы бар
чи радта, уый чи у?» 3Йесо сын загъта: «Æз
дæр уæ иу цæмæйдæр бафæрсдзынæн. Зæ-
гъут-ма Мын, 4Иоанн цы аргъуыдæй аргъу-
ыдта, уый йын уæларвæй лæвæрд уыд æви
адæмæй?» 5Уыдон сæхимидæг тæрхæттæ
кодтой: «Афтæ куы зæгъæм: „Уæларвæй“,
уæд нæ бафæрсдзæни: „Уæдæ цæуылнæ
бауæндыдыстут Иоанныл?“ 6„Адæмæй“
куы зæгъæм, уæд та нæ адæм дуртæй амар-
дзысты, уымæн æмæ се ’ппæты дæр уырны,
Иоанн пехуымпар кæй у, уый». 7Æмæ дзуапп
радтой: «Кæцæй, уый нæ зонæм». 8Уæд сын
Йесо загъта: «Уæдæ уын Æз дæр нæ зæгъ-
дзынæн, цавæр хъаруйæ сæ кæнын, уый».
9Æмæ адæмæн æрхаста ахæм æмбисонд:
«Иу лæг сæндон скодта, йæ æххуырст кус-
джыты бар æй бакодта æмæ дæргъвæтин
рæстæгмæ балцы ацыди. 10Сæнæфсир то-
ныны афон куы ралæууыд, уæд æххуырст
кусджытæм йæ цагъары арвыста, цæмæй
йын йæ тыллæджы хай раттой. Фæлæ йæ
уыдон фæнадтой æмæ йæ афтидармæй раз-
дæхтой. 11Арвыста сæм æндæр цагъары, æмæ
та уый дæр фæнадтой, фелгъыстой йæ æмæ
йæ афтидармæй раздæхтой. 12Арвыста сæм
æртыккаджы дæр, фæлæ уый дæр фæцæфтæ
кодтой æмæ йæ ратардтой. 13Уæд сæндоны
хицау загъта: „Ныр куыд бакæнон? Уæд та
сæм мæ уарзон фырты арвитон, кæд уымæй

уæддæр фефсæрмы уаиккой“. 14Фæлæ йæ
æххуырст кусджытæ куы федтой, уæд кæрæ-
дзийæн дзырдтой: „Ай йæ бындар у. Амарæм
æй, æмæ йæ бынтæ мах бауыдзысты“. 15Сæн-
доны æдде йæ фæкодтой æмæ йæ амардтой.
Ныр сын сæндоны хицау цы бакæндзæн?
16Æрцæудзæн, уыцы æххуырст кусджыты
ныццæгъддзæн æмæ йæ сæндон ратдзæн
æндæртæн».
Уый чи фехъуыста, уыдон загътой: «Хуы-
цау бахизæд!» 17Йесо сæм бакаст æмæ загъта:
«Уæдæ Сыгъдæг Фысты мæнæ ацы ныхæстæ
цы амонынц: „Аразджытæ цы дурыл нæ
барвæссыдысты, уый сси фисыны сæйраг
дур“? 18Уыцы дурыл чидæриддæр æрхауа,
уый ныппырх уыдзæн, йæхæдæг кæуыл
æрхауа, уый та ныцъцъæл кæндзæни».
19Йесо æмбисонд уыдоны тыххæй кæй
æрхаста, динамонджытæ æмæ алчертæ уый
бамбæрстой, æмæ Йæ тæккæ уыцы сахат
бæргæ æрцахстаиккой, фæлæ адæмæй нæ
бауæндыдысты.
20Уæд Йесойы аивæй хъахъхъæнын рай-
дыдтой æмæ Йæм, сæхи рæстгæнджытæй
чи æвдыста, ахæм мæнгард лæгты барвыс-
той, цæмæй Йæ уыдон исты ныхасæй æр-
цахсой — хицауады, ромаг бæстыхицауы
къухмæ Йын раттæн куыд уыдаид, афтæ.
21Æмæ Йæ уыдон бафарстой: «Ахуыргæ-
нæг, мах æй зонæм: Ды раст дзурыс æмæ
ахуыр кæныс, никæй хъулон кæныс, фæлæ
æцæгады фæткыл амоныс Хуыцауы фæндаг.
22Кесæрæн нын хъалон фидын æмбæлы æви
нæ?» 23Йесо сын бамбæрста сæ хинвæнд æмæ
загъта: 24«Равдисут-ма Мæм динар: кæй ныв
æмæ йыл кæй ном ис?» Уыдон дзуапп радтой:
«Кесæры». 25Уæд сын загъта: «Уæдæ кесæры
цы у, уый дæттут кесæрæн, Хуыцауы цы у,
уый та — Хуыцауæн». 26Æмæ сын адæмы
раз Йæ ныхæстæ Йæхи ныхмæ фæцаразын
нæ бантысти. Йæ дзуапп сæ дисы бафтыдта,
æмæ ныхъхъус сты.
27Уæд та Йæм бацыдысты саддукейтæй чи-
дæртæ — уыдон дзуринц, мæрдтæ нæ райгас
уыдзысты, зæгъгæ, — æмæ Йæ бафарстой:
28«Ахуыргæнæг, Моисей ныффыста: „Искæ-
мæн йæ усджын æфсымæр æнæзæнæгæй куы
амæла, уæд ын хъуамæ йæ идæдзы ракура
æмæ дзы йе ’фсымæры номыл цот рауадза“.
29Уыди авд æфсымæры. Хистæр ус æрхаста
æмæ æнæзæнæгæй амарди. 30Йæ идæдзы
йын ракуырдта дыккаг æфсымæр æмæ уый
дæр æнæзæнæгæй амарди. 31Уый фæстæ йæ
ракуырдта æртыккаг, стæй та — иннæ æф-
сымæртæ. Иууылдæр амардысты, зæнæг та
нæ ныууагътой. 32Се ’ппæты фæстæ амарди
сылгоймаг дæр. 33Ныр мæрдтæ куы райгас
уой, уæд сæ кæцыйы ус уыдзæни? Авды
бинойнаг дæр куы уыд».
34Йесо сын дзуапп радта: «Ацы дунейы
адæм курынц устытæ æмæ цæуынц моймæ.
35Æрцæуинаг дунейы цæрыны аккаг чи суа
æмæ мæрдтæй чи райгас уа, уыдон та нæ-
дæр ус курдзысты, нæдæр мой кæндзысты.
36Мæлæт дæр сын нæ уыдзæни. Уыдзысты
уæларвон зæдтау. Уыдон Хуыцауы хъæбултæ
сты, уымæн æмæ сæ Хуыцау райгас кодта.
37Мæрдтæ кæй райгас уыдзысты, уый та
Моисей равдыста, судзгæ сындзы къутæры
кой кæнгæйæ, Хуыцауы „Авраамы Хуыцау,
Исаакы Хуыцау æмæ Йаковы Хуыцау“ куы
схуыдта, уæд. 38Хуыцау та мæрдты Хуыцау
нæу, фæлæ удæгæсты, уымæн æмæ Йын
иууылдæр удæгас сты».
39Уæд Йесойæн динамонджытæй чидæртæ
загътой: «Ахуыргæнæг, Ды хорз загътай».
40Æмæ ма Йæ истæмæй бафæрсой, уымæ
сæ ныфс нал хастой. 41Йесо та сæ бафарста:
«Чырыстийæ, Давиды байзæддаг у, зæгъгæ,
цæмæн зæгъынц? 42Давид йæхæдæг Псалом-
ты чиныджы афтæ куы дзуры: „Дунедарæг
загъта мæ Бардарæгæн: сбад Мæ рахизфарс,
43æмæ Дын Æз Де знæгты Дæ къæхты бын
æрæвæрдзынæн“. 44Уæдæ Йæ кæд Давид
йæ Бардарæг хоны, уæд Уый йæ байзæддаг
куыд у?»
45Уый фæстæ, адæм Æм иууылдæр куы
хъуыстой, уæд Йесо Йæ ахуыргæнинæг-
тæн загъта: 46«Уæхи хизут динамонджытæй.
Уыдон уарзынц даргъ дарæсты цæуын æмæ
сахарты фæзты адæмы арфæтæм хъусын;
уарзынц синагогæты раззаг бынæтты æмæ
минасы фынгыл уæле бадын; 47идæдз усты-
тæн сæ хæдзæрттæ хæрынц æмæ уарзынц
адæмы цæстмæ кувын; уæлдай карз æфхæрд
баййафдзысты уыдон».

**21** Уæд Йесо йæ алыварс акаст æмæ фед-
та, Хуыцауы номыл лæвæрттæ Кувæндоны
хæзнадоны чи æвæрдта, уыцы хъæздгуыты.
2Федта дзы, дыууæ лептæйы чи нывæрдта,
уыцы мæгуыр идæдз усы дæр. 3Йесо загъта:
«Æцæг цы у, уый уын зæгъын, уæртæ уыцы
мæгуыр идæдз ус се ’ппæтæй фылдæр ны-
вæрдта хæзнадоны. 4Иннæтæ иууылдæр
сæ исбоны уæлдæйттæ нывæрдтой, уыцы
мæгуыр сылгоймаг та — цыдæриддæр æм
уыдис, уый, йæ хойраджы аргъ».
5Иуæй-иутæ, кувæндон цы зынаргъ
дуртæй амад у æмæ йæ цы хъæздыг

мысайнæгтæй сфæлыстой, зæгъгæ, куы
дзырдтой, уæд сын Йесо загъта: 6«Ралæудзæн
ахæм рæстæг æмæ, ам, цы уынут, уыдонæй
дур дурыл нал баззайдзæн, иууылдæр нып-
пырх уыдзысты».
7Уæд Æй бафарстой: «Ахуыргæнæг, кæд
æрцæудзысты уыцы хабæрттæ, æмæ се 'рцы-
ды афон цæмæй бæрæг уыдзæн?» 8Йесо сын
загъта: «Уæхи хъахъхъæнут, цæмæй уæ мачи
фæсайа, уымæн æмæ бирæтæ æрцæудзысты
Мæ номæй æмæ дзурдзысты: „Æз Чырысти
дæн“ æмæ „Афон æрцыд“. Ма-иу ацæут сæ
фæдыл. 9Хæстытæ æмæ змæстыты кой куы
фехъусат, уæд-иу ма фæтæрсут — раздæр уал
хъуамæ æппæт уыдæттæ æрцæуой, фæлæ
уый кæрон нæма уыдзæн».
10Загъта ма сын: «Иу адæм сыстдзæн ин-
нæйы ныхмæ, паддзахад — паддзахады
ныхмæ. 11Уыдзæни стыр зæххæнкъуысты-
тæ, ранæй-рæтты — стонг æмæ фыдрынтæ.
Зæххыл цæудзæн æвирхъау цаутæ, стыр
æвдисæйнæгтæ раргом уыдзæн уæларвæй.
12Фæлæ уæ æппæт уыдæтты размæ рай-
дайдзысты ахсын æмæ æфхæрын, синаго-
гæты уын тæрхон хæсдзысты æмæ уæ ахæс-
тæттæм кæндзысты. Мæ номы тыххæй-иу
сымах паддзæхты æмæ бæстыхицæутты раз
æрлæууын кæндзысты. 13Уæд уын уыдзæни
Мæн тыххæй дзурыны фадат. 14Цы дзуапп
ратдзыстут, ууыл уæ рагацау тыхсын кæй
нæ хъæуы, уый уæ зæрдыл дарут. 15Уымæн
æмæ уын Æз ахæм æвзаг æмæ куырыхон
зонд ратдзынæн, уе знæгтæ æмбырдæй уæ
ныхмæ фæлæууын дæр æмæ уæм сдзурын
дæр куыд нæ бафæразой. 16Æмæ уыл суанг
уæ ныййарджытæ, уе 'фсымæртæ, уæ хæстæ-
джытæ æмæ уæ хæлæрттæ дæр гадзрахатæй
рацæудзысты, кæйдæрты уæ мæлæтмæ дæр
ратдзысты. 17Мæн тыххæй алкæмæн дæр
æнæуынон суыдзыстут, 18фæлæ уæ сæрæй
иу æрду дæр нæ фæхъæудзæн. 19Уæ фæра-
зондзинады фæрцы-иу фервæзын кæнут
уæ удтæ.
20Йерусалимыл æфсæдтæ æртыхстысты,
уый куы фенат, уæд-иу æй зонут, рæхджы
гæныстон кæй уыдзæни, уый. 21Æмæ Иудейы
чи уа, уыдон лидзæнт хæхтæм. Йерусалимы
чи уа, уыдон дæр уырдыгæй лидзæнт, йæ ал-
фамбылай чи уа, уыдон та йæм ма бацæуæнт.
22Уымæн æмæ уыцы бонтæ сты мастисæн
бонтæ, цæмæй йæ райдайæнæй йæ кæронмæ
сæххæст уа, Сыгъдæг Фыст цы зæгъы, уый.
23Уæд додойаг уыдзысты сывæрджын æмæ
дзидзидарæг сылгоймæгтæ! Стыр бæллæх
æрцæудзæн ацы зæххыл. Хуыцауы фыдæх
баййафдзæн ацы адæмы. 24Кардылæфтыд
фæуыдзысты æмæ фæцагъды уыдзысты,
алы бæстæтæм сæ уацары фæкæндзысты.
Муртаттæгтæ Йерусалимы сахар сæ къæх-
ты бын ссæнддзысты, цалынмæ сæ рæстæг
фæуа, уæдмæ.
25Хур, мæй æмæ стъалытыл æнахуыр дис-
сæгтæ уындзысты, зæххыл та адæм сау ката-
йы бафтдзысты, абухгæ денджызы уынæрæй
сæргой фæуыдзысты. 26Адæм æрцæуинаг
бæллæхты тасæй зæрдæдзæф кæндзысты,
уымæн æмæ нынкъуысдзысты уæларвон
тыхтæ. 27Æмæ уæд „Адæймаджы Фырты
хъомыс æмæ стыр кадимæ фендзысты æв-
рагъыл æрцæйцæугæ“. 28Уыдæттæ æххæст
кæнын куы райдайой, уæд-иу æмраст слæуут
æмæ-иу уæ сæртыл хæрдмæ схæцут, уымæн
æмæ уæ фервæзыны афон æрæввахс ис».
29Æмæ сын Йесо æмбисонд æрхаста: «Акæ-
сут-ма легъуи бæласмæ æмæ иннæ бæлæс-
тæм. 30Сыфтæр рафтаугæ сæ куы фенут, уæд
æй фæзонут, сæрд хæстæг кæй у, уый. 31Уæдæ
сымах дæр æппæт уыдæттæ æххæстгæнгæ
куы фенат, уæд-иу зонут, Хуыцауы Паддза-
хад кæй æрæввахс ис, уый. 32Æцæг цы у, уый
уын зæгъын: ацы фæлтæр нæма аивгъуый-
дзæн, афтæ æппæт уыдæттæ æрцæудзысты.
33Арв æмæ зæхх нал уыдзысты, Мæ ныхæстæ
та мыггагмæ дæр уыдзысты сæ тыхы.
34Кæсут уæхимæ, цæмæй уæ зæрдæтæ
фырхæрд, фырнозт æмæ царды мæтæй ма
æруæззау уой æмæ уæ уыцы бон æвиппайды
ма æрæййафа. 35Уымæн æмæ уый къæппæгау
æрцахсдзæнис æппæт зæххон цæрджыты.
36Уæдæ иудадзыг уæхи цæттæ дарут æмæ
кувут, цæмæй уæ бон бауа æппæт æрцæуинаг
бæллæхты сæрты ахизын æмæ Адæймаджы
Фырты раз æрлæууын».
37Боныгон Йесо адæмы ахуыр кодта Ку-
вæндоны, изæрæй та-иу ацыд æмæ-иу Йе
'хсæв арвыста, Елеон цы хох хуынди, ууыл.
38Æмæ-иу адæм иууылдæр сæумæйæ цы-
дысты Кувæндонмæ Йæ ныхæстæм Ын
байхъусынмæ.

**22** Æрæвахс ис Донгонд дзулты бæрæг-
бон, Куадзæн кæй хонынц, уый. 2Хистæр
сауджынтæ æмæ динамонджытæ агуырд-
той, цæсты сæ чи нæ бафтауа, ахæм æфсон
Йесойы амарынæн, уымæн æмæ адæмæй
тарстысты.
3Сайтан бацыди дыууадæс ахуыргæни-
нагæй иуы, Искариот кæй хуыдтой, уыцы
Иудæйы мидæг. 4Æмæ Иудæ ацыди Йесойы
ауæй кæныны тыххæй хистæр сауджынтæ

æмæ Кувæндон хъахъхъæнджыты хицæут-
тимæ баныхас кæнынмæ. 5Уыдон бацин
кодтой æмæ йын æхцайæ ныфс бавæрдтой.
6Уый сразы ис æмæ агуырдта, Йесойы алы-
варс адæм куыд нæ уа, афтæмæй сын Æй сæ
къухтæм раттыны фадат.

7Æрхæццæ ис Донгонд дзулты бæрæгбон,
куадзæйнаг уæрыкк æргæвдыны бон. 8Йесо
арвыста Петр æмæ Иоанны æмæ сын бафæ-
дзæхста: «Ацæут æмæ нын Куадзæны фынг
æрæвæрут». 9Уыдон Æй бафарстой: «Куыд
Дæ фæнды, фынг кæм æрæвæрæм?» 10Уый
сын загъта: «Сахармæ куы бацæуат, уæд уыл
иу лæг доны дурынимæ амбæлдзæн. Цы
хæдзармæ бацæуа, уырдæм-иу йæ фæдыл
бацæут 11æмæ-иу хæдзары хицауæн зæгъут:
„Ахуыргæнæг фæрсы: Мæ ахуыргæнинæгти-
мæ Куадзæн кæм хæрдзынæн, уыцы уат Мын
кæм æрцæттæ кодтай?“ 12Уый уын уæллаг
уæладзыджы стыр æфснайд уатмæ баца-
мондзæн, æмæ-иу уым æрæвæрут фынг».
13Уыдон ацыдысты æмæ æппæт дæр, Йесо
сын куыд загъта, афтæмæй байиæфтой æмæ
æрæвæрдтой Куадзæны фынг.

14Афон куы æрцыд, уæд Йесо Йæ апостол-
тимæ фынджы уæлхъус æрбадти. 15Æмæ сын
загъта: «Тынг Мæ фæндыд Мæ хъизæмары
размæ ацы Куадзæны æхсæвæр уемæ ба-
хæрын. 16Зæгъын уын: нал бахæрдзынæн
Куадзæн, цалынмæ Хуыцауы Паддзахад
æрцæуа, уæдмæ». 17Райста сæны кæхц, Ху-
ыцауæн арфæ ракодта æмæ загъта: «Айсут
æй æмæ дзы алчидæр ануазæд. 18Зæгъын
уын, Æз сæнæфсиры сæнæй нал фæхъæстæ
уыдзынæн, цалынмæ Хуыцауы Паддзахад
æрцæуа, уæдмæ».

19Уый фæстæ райста дзул, раарфæ кодта
Хуыцауæн, æрсаста йæ, алæвæрдта сæм æй
æмæ загъта: «Ай Мæ Буар у, æмæ уæ сæрап-
понд лæвæрд цæуы мæлæтмæ. Афтæ-иу
кæнут Мæ ном арыны охыл». 20Æхсæвæры
фæстæ сæны кæхц дæр райста æмæ загъта:
«Ацы кæхц у Ног Фидыд — уый фидаргонд
цæуы, сымах сæраппонд чи ныккæлдзæни,
Мæ уыцы Тугæй. 21Фæлæ мæнæ Мæ уæйгæ-
нæг Мемæ иу фынгыл бады. 22Уæвгæ, Адæй-
маджы Фыртæн æнæ цæугæ нæй, нысангонд
Ын цы фæндаг у, ууыл. Фæлæ сар йæ сæр,
гадзрахатæй Йыл чи рацæуа, уымæн».

23Уæд ахуыргæнинæгтæ райдыдтой кæрæ-
дзийы фæрсын, Йæ уæйгæнæг чи уыдзæни,
зæгъгæ.

24Ахуыргæнинæгтæ сæхимидæг фæбыцæу
сты, се 'хсæн уæлдæрыл нымад чи хъуамæ
уа, зæгъгæ. 25Йесо сын загъта: «Паддзæхтæ
адæмтæн хицауиуæг кæнынц; адæмтыл йæ
бар кæмæн цæуы, уыдон сæхи хонынц хæрз-
гæнджытæ. 26Сымахмæ та афтæ ма уæд, фæ-
лæ, уе 'хсæн уæлдæр чи у, уый уын уæд кæстæ-
рау, барджындæр чи у, уый та — лæггадгæнæ-
гау. 27Чи у уæлдæр — фынгыл бадæг æви кæс-
тæриуæггæнæг? Фынгыл бадæг уæлдæр нæу,
æви? Æз та уын дæн кæстæриуæггæнæгау.

28Сымах Мæ фæлварæнты Мемæ уыдыс-
тут. 29Мæ Фыд Мын Паддзахад куыд радта,
афтæ уын æй Æз дæр дæттын, 30цæмæй Мæ
Паддзахады Мемæ иу фынгыл хæрат æмæ
нуазат. Æмæ сымах паддзахы бадæнты æр-
баддзыстут Израилы дыууадæс хæдзарвæн-
дагæн тæрхон кæнынмæ.

31Симон, Симон! Сайтан куырдта, цæмæй
уæ, мæнæу зыгуымæй куыд фæхицæн кæ-
нынц, уыйау дымгæмæ ныддара! 32Фæлæ Æз
куывтон дæу тыххæй, цæмæй дæ уырнын-
дзинад ма слæмæгъ уа. Æппæт зæрдæйæ
Мæм куы раздæхай, уæд-иу сфидар кæн
де 'фсымæрты уырнындзинад». 33Петр Ын
загъта: «Хицау, æз Демæ ахæстонмæ цæуын-
мæ дæр æмæ мæлæтмæ дæр цæттæ дæн».
34Фæлæ йын Йесо афтæ: «Зæгъын дын, Петр,
ахсæв уасæг нæма ныууасдзæн, афтæ Мыл
æртæ хатты дæхи атигъ кæндзынæ, æз Æй
нæ зонын, зæгъгæ».

35Йесо сæ бафарста: «Æз уæ æнæ æхцайы
чыссæйæ, æнæ хордзенæй æмæ æнæ ивæн
дзабыртæй фæндагыл куы æрвыстон, уæд
истæмæй хъуаг æййæфтат, мыййаг?» Уыдон
Ын дзуапп радтой: «Ницæмæй». 36Уæд сын
загъта: «Ныр та уæ æхцайы чыссæ кæмæ ис,
уый йæ йемæ айсæд; хордзен кæмæ ис, уый
дæр æй айсæд йемæ. Æхца кæмæ нæй, уый та
йæ пæлæз ауæй кæнæд æмæ кард балхæнæд.
37Зæгъын уын, Сыгъдæг Фысты цы загъд ис,
уый Мыл хъуамæ æрцæуа: „Фыдгæнджыты
хыгъдмæ Йæ бахастæуыд“. Мæн тыххæй цы
фыст ис, уый рæхджы сæххæст уыдзæни».
38Уæд Ын уыдон загътой: «Хицау, мæнæ ам
ис дыууæ карды». Уый сын загъта: «Фаг сты!»

39Йесо рацыд æмæ та иннæ хæттытау ныр
дæр араст ис Елеоны хохмæ. Йæ ахуыргæни-
нæгтæ дæр ацыдысты Йæ фæдыл. 40Бынат-
мæ куы бахæццæ сты, уæд сын Йесо загъта:
«Кувут, цæмæй фæлварæнæн бафæразат».

41Йæхæдæг, дур кæйонг фехсæн ис, уый
бæрц дæрддзæфæн иуварс ацыди уыдонæй,
æрзоныг кодта æмæ скуывта: 42«Мæ Фыд,
кæд Дын фæндон у, уæд Мын ацы хъизæ-
мæртты кæхц ма бануазын кæн. Æниу, Мæн
куыд фæнды, афтæ нæ, фæлæ Дæу куыд
фæнды, афтæ уæд».

43Уæд Æм уæларвæй æрцыди зæд æмæ Йæ
удвидар кодта. 44Æмæ, утæхсæн кæнгæйæ,
Йесо ноджы зæрдиагдæрæй куывта; Йæ хид
туджы æртæхтау зæхмæ тагъди. 45Куывд куы
фæци, уæд Йæ ахуыргæнинæгтæм бацыд
æмæ сæ баййæфта фынæйæ, уымæн æмæ
фыр мæтæй сæ тых басасти. 46Йесо сын загъ-
та: «Цы фынæй кæнут? Сыстут æмæ кувут,
цæмæй фæлварæнæн бафæразат».
47Йесо Йæ ныхас нæма фæци, афтæ фæзын-
дысты адæм, сæ разæй — Иудæ, дыууадæс
ахуыргæнинагæй иу. Уый бацыди Йесомæ, цæ-
мæй Йын аба кæна. 48Йесо йын загъта: «Иудæ,
Адæймаджы Фыртыл байæ цæуыс гадзраха-
тæй?» 49Хъуыддаг цæмæ цæуы, Йесойы аху-
ыргæнинæгтæ уый куы бамбæрстой, уæд Ын
загътой: «Хицау, кардæй сæ цæвæм?» 50Æмæ
сæ иу кардæй ныццавта алчеры цагъары æмæ
йын йæ рахиз хъус ахауын кодта. 51Уæд Йесо
загъта: «Æгъгъæд у, æрсабыр ут!» Бавнæлдта
цагъары хъусмæ æмæ йын æй сдзæбæх кодта.
52Ахсынмæ Йæм чи æрбацыд, уыцы хистæр
сауджынтæн, Кувæндон хъахъхъæнджыты
хицæуттæн æмæ адæмы хистæртæн та Йе-
со загъта: «Цыма абырæг дæн, уыйау Мæм
кæрдтæ æмæ хъилтимæ куы æрбацыдыстут.
53Æз æрвылбон Кувæндоны уемæ уыдтæн,
æмæ Мыл уæ къух дæр нæ андзæвыди. Фæлæ
ныр уæ рæстæг у — талынг хицауиуæг кæны».
54Уыйадыл Йесойы æрцахстой æмæ Йæ
акодтой алчеры хæдзармæ.

Петр дæрддзæфгомау цыди сæ фæдыл.
55Кæрты астæу арт куы скодтой æмæ йæ алы-
варс куы æрбадтысты, уæд Петр дæр сбадти
семæ. 56Лæггадгæнæг сылгоймæгтæй йæ иу
арты рухсмæ федта, æдзынæг æм ныккасти
æмæ загъта: «Ай дæр Йемæ уыди». 57Фæлæ
Петр нæ басасти: «Хорз ус, æз Æй зонгæ
дæр нæ кæнын». 58Чысыл фæстæдæр та йæ
æндæр чидæр федта æмæ йын загъта: «Ды
дæр уыдонæй дæ». Æмæ та Петр уымæн дæр
загъта: «Нæ дæн». 59Рацыдаид сахаты бæрц,
æмæ та йæм иу лæг бауырдыг ис: «Ай дæр,
æнæмæнг, Йемæ уыди, уымæн æмæ гали-
лейаг у». 60Фæлæ Петр уымæн дæр загъта:
«Цытæ дзурыс, уый не ’мбарын». Петр йæ
ныхас нæма фæци, афтæ уасæг ныууасыд.
61Уæд Хицау Петрмæ Йе ’ргом разылдта æмæ
йæм бакаст. Æмæ Петры зæрдыл æрлæууыди,
Хицау ын цы загъта, уый: «Ахсæв уасæг
нæма ныууасдзæн, афтæ Мыл æртæ хатты
дæхи атигъ кæндзынæ». 62Петр æддæмæ
рацыд æмæ судзаг цæссыгтæй ныккуыдта.
63Йесойы чи хъахъхъæдта, уыцы адæм Дзы
хынджылæг кодтой æмæ Йæ цавтой. 64Йæ
цæстытыл-иу Ын ныххæцыдысты æмæ Йын
дзырдтой: «Кæд пехуымпар дæ, уæд Дæ чи
ныццавта, уый базон». 65Æмæ ма Йын ноджы
дзырдтой бирæ æндæр æфхæрæн ныхæстæ.
66Куы сбон ис, уæд æрæмбырд сты адæмы
хистæртæ, хистæр сауджынтæ, динамон-
джытæ æмæ Йæ сæ синедрионмæ бакодтой.
67Бафарстой Йæ: «Зæгъ-ма нын, Ды Чы-
рысти дæ?» Уый сын дзуапп радта: «Куы
уын зæгъон, уæд дæр уæ нæ бауырндзæни;
68куы уæ бафæрсон, уæд дæр Мын дзуапп
нæ ратдзыстут. 69Фæлæ нырæй фæстæмæ
Адæймаджы Фырт æрбаддзæн Æппæтхъо-
мыс Хуыцауы рахизфарс».
70Уæд Æй се ’ппæт дæр бафарстой: «Уæдæ
Ды Хуыцауы Фырт дæ?» Уый сын дзуапп рад-
та: «Уæхæдæг æй куы зæгъут, Æз Хуыцауы
Фырт кæй дæн, уый».
71Уыдон загътой: «Цавæр æвдисæйнæг-
тæ ма нæ хъæуы? Йæхи дзыхæй йæ куы
фехъуыстам!»

**23** Уæд иууылдæр сыстадысты æмæ Йæ
Пилатмæ акодтой. 2Уым Æй райдыдтой ах-
хосджын кæнын: «Мах сбæлвырд кодтам,
ацы адæймаг нын адæмы кæй халы, уый.
Кесæрæн хъалон фидын нæ уадзы æмæ Йæ-
хи хоны Чырысти, ома Паддзах». 3Уæд Æй
Пилат бафарста: «Ды дæ иудейаг Паддзах?»
Йесо йын дзуапп радта: «Дæхæдæг æй куы
зæгъыс». 4Пилат хистæр сауджынтæ æмæ
адæмæн загъта: «Æз ацы адæймагмæ ницы
азым арын». 5Фæлæ уыдон уæддæр нæ сас-
тысты: «Уый æгас Иудейы Йæ ахуырадæй
адæмы змæнты. Райдыдта Галилейæ æмæ
ныр ардæм æрбахæццæ».
6Пилат уый куы фехъуыста, уæд бафарста:
«Уыцы адæймаг галилейаг у?» 7Æмæ, Ироды
дæлбар цы бæстæ ис, уырдыгæй у, уый куы
базыдта, уæд Йесойы уымæ арвыста — уыцы
рæстæг Ирод дæр Йерусалимы уыди.
8Ирод Йесойы куы федта, уæд тынг ба-
цин кодта, уымæн æмæ йæ рагæй фæндыд
Йæ фенын. Йесойы тыххæй бирæ хæттыты
фехъуыста æмæ Йæм æнхъæлмæ каст исты
диссаг равдисынмæ. 9Бирæ цæмæйдæр-
ты Йæ фарста, фæлæ йын Йесо ницы дзу-
апп лæвæрдта. 10Хистæр сауджынтæ æмæ
динамонджытæ дæр уыдысты уым æмæ
карзæй дзырдтой Йæ ныхмæ, азымджын
Æй кодтой. 11Ирод æмæ йе ’фсæддонтæ Йе-
сойы æгады бынаты сæвæрдтой, сæхицæн
дзы хъазæнхъуыл сарæзтой. Уый фæстæ Йыл
Ирод зынаргъ дарæс скæнын кодта æмæ Йæ
фæстæмæ Пилатмæ арвыста. 12Уыцы бонæй

фæстæмæ Пилат æмæ Ирод балымæн сты,
уымæй размæ та кæрæдзимæ фыдæх хастой.
13Пилат фæсидти хистæр сауджынтæм,
хицæуттæм æмæ адæммæ. 14Загъта сын:
«Сымах мæм æрбакодтат ацы адæймаджы,
Уый адæмы змæнты, зæгъгæ. Æз уæ разы
равзæрстон хъуыддаг æмæ Йæм, цы фыд-
ракæндты Йæ азымджын кæнут, ахæмæй
ницы ссардтон. 15Ирод дæр Æм ницы азым
ссардта æмæ нæм Æй фæстæмæ раздæхта.
Куыд уынут, афтæмæй, мæлæтмæ Йæ цæй
тыххæй раттæм, ахæмæй ницы сарæзта. 16Æз
Æй ехсæй фæнæмын кæндзынæн æмæ Йæ
ахæстонæй рауадздзынæн». 17[Бæрæгбоны
тыххæй Пилатæн æмбæлди иу ахæсты су-
æгъд кæнын.] 18Фæлæ адæм æмхуызонæй
хъæр систой: «Амар Æй! Вараввæйы нын
рауадз!» 19Вараввæйы та ахæстоны бакод-
той, сахары змæсты аххосджын кæй уыди
æмæ кæйдæр кæй амардта, уый тыххæй.
20Пилат адæмимæ ногæй ныхас кæнын
райдыдта — Йесойы куы рауагътаид, уый
йæ фæндыди. 21Фæлæ уыдон хъæр кодтой:
«Байтындз Æй, байтындз Æй!» 22Пилат сын
æртыккаг хатт загъта: «Уагæры æвзæрæй
цы ракодта? Мæлæты аккаг цы у, ахæмæй
Йæм æз ницы ссардтон. Ехсæй Йæ фæнæ-
мын кæндзынæн æмæ Йæ рауадздзынæн».
23Фæлæ адæм уæддæр хъæлæсыдзагæй хъæр
кодтой æмæ домдтой Йесойы байтындзын.
Пилаты басастой сæ хъæрæй, 24æмæ Пилат
хъуыддаг аскъуыддзаг кодта, уыдон куыд
домдтой, афтæ: 25змæст æмæ тугныккалды
азымимæ ахæстоны кæй сбадын кодтой
æмæ йæм адæм кæй тыххæй ныххатыдысты,
уыцы Вараввæйы рауагъта, Йесойы та сын
сæ бар бакодта.

26Йесойы марынмæ куы фæцæйкодтой,
уæд фæссахарæй иу киренæйаг лæг æрба-
цæйцыди, йæ ном — Симон. Баурæдтой йæ
æмæ йын Йесойы фæдыл дзуар йе ’ккойыл
фæхæссын кодтой. 27Йесойы фæстæ цыди би-
рæ адæм. Се ’хсæн уыди, сæ риутæ хойгæйæ
Йыл чи хъарæг кодта, ахæм сылгоймæгтæ.
28Йесо сæм разылд æмæ сын загъта: «Йеруса-
лимы чызджытæ! Ма кæут Мæныл, уæхиуыл
æмæ уæ сывæллæттыл кæут. 29Уымæн æмæ
æрцæуы ахæм рæстæг, æмæ дзурдзысты:
„Тæхудиаг сты, сывæллон чи нæ ныййардта
æмæ йæ риуы ’хсырæй хъæбул чи не схас-
та, уыцы æнæзæнæг сылгоймæгтæ!“ 30Уæд
хæхтæн лæгъстæ кæндзысты: „Æркæлут
ныл!“ — къуыбыртæн: „Æрæмбæрзут нæ!“
31Уымæн æмæ, кæд цъæхвæлыст бæласæн
афтæ кæнынц, уæд уагæры хус бæласæн та
цы бакæндзысты?»

32Йемæ ма Йын марынмæ акодтой дыу-
уæ фыдгæнæджы. 33Æмæ, Сæргæхц, зæгъ-
гæ, уыцы бынатмæ куы бахæццæ сты, уæд
уыцы ран дзуарыл байтыгътой Йесо æмæ
фыдгæнджыты: иуы — Йæ рахизфарс, ин-
нæйы — Йæ галиуфарс. 34Йесо дзырдта: «Мæ
Фыд, ныббар сын, уымæн æмæ, цы аразынц,
уый нæ зонынц». Йæ дарæстыл Ын хæлттæ
сæппæрстой æмæ сæ се ’хсæн байуæрстой.
35Адæм лæууыдысты æмæ кастысты, сæ
хицæуттæ та Йыл худтысты: «Иннæты ир-
вæзын кодта, ныр Йæхи фервæзын кæнæд,
кæд Хуыцауы æвзæрст Чырысти у, уæд».
36Æфсæддонтæ Дзы хынджылæг кодтой —
бацыдысты-иу Æм, Йæ дзыхмæ-иу Ын туаг
сæн схастой 37æмæ Йын дзырдтой: «Кæд
иудейаг Паддзах дæ, уæд Дæхи фервæзын
кæн». 38Йæ сæрмæ [бердзенаг, ромаг æмæ
дзуттаг æвзæгтыл] уыди фыст: «Ацы адæй-
маг у иудейаг Паддзах».

39Кæй байтыгътой, уыцы фыдгæнджытæй
иу æлгъыста Йесойы æмæ Йын дзырдта: «Чы-
рысти нæ дæ, æви цы? Фервæзын кæн Дæхи
дæр æмæ мах дæр». 40Фæлæ йæ иннæ сабыр
кодта: «Ау, Хуыцауæй нæ тæрсыс, дæуæн дæр
ахæм тæрхон куы рахастой? 41Махæн раст
бакодтой — нæ хъуыддæгтæм гæсгæ у нæ
тæрхон, фæлæ уый æвзæрæй ницы сарæзта».
42Æмæ загъта: «Йесо, Дæ Паддзахадмæ куы
бацæуай, уæд-иу мæ æрымыс!» 43Йесо йын
загъта: «Æцæг цы у, уый дын зæгъын: тæккæ
абон Мемæ уыдзынæ дзæнæты».

44Уыдис æхсæз сахатмæ æввахс. Бæстæ
æгасæй дæр саудалынг баци æмæ суанг фа-
рæстæм сахаты онг йæ хуыз нæ аивта, 45уы-
мæн æмæ хур рухс нал кодта. Кувæндоны
мидæмбæрзæн уæлейæ бынмæ дыууæ дихы
фæцис. 46Йесо хъæрæй ныууынæргъыдта:
«Мæ Фыд, Дæ къухмæ Дын дæттын Мæ уд».
Æмæ, афтæ куыддæр загъта, афтæ Йæ уд
систа. 47Цы æрцыди, уый сæдæйыхицау куы
федта, уæд, Хуыцауæн кад кæнгæйæ, загъта:
«Ацы Адæймаг æнæмæнг рæстгæнæг уыди».
48Бакæсынмæ Йæм цы адæм æрбамбырд ис,
уыдон уыцы цау куы федтой, уæд, сæ риу-
тæ хойгæйæ, сæ хæдзæрттæм аздæхтысты.
49Йесойы зонгæтæ, стæй, Йæ фæдыл Гали-
лейæ чи рацыди, уыцы сылгоймæгтæ та
дæрддзæф лæууыдысты æмæ, цытæ цæуы,
уыдæттæм кастысты.

50Иу лæг, йæ ном — Йосеф, синедрио-
ны уæнг, хæларзæрдæ æмæ раст адæймаг,

**23:44** Сахæттæ амынд сты рагон нымадæй (кæс дзырдуаты).

51иудейаг сахар Аримафейы цæрæг, æнхъæл-
мæ касти Хуыцауы Паддзахадмæ. Уый разы
нæ уыди, синедрион цы уынаффæ рахаста
æмæ цы сарæзта, уыимæ. 52Йосеф бацы-
ди Пилатмæ æмæ Йесойы мард ракуырдта.
53Ауындзæнæй йæ æриста, мæрдæмбæрзæны
йæ батыхта æмæ йæ, къæдзæхы хуылфы цы
афтид зæппадз уыди, уым бавæрдта. 54Уый
уыди майрæмбоны, изæрæй, ныридæгæн
сабатбон райдыдта. 55Йесоимæ Галилейæ
цы сылгоймæгтæ æрбацыд, уыдон федтой,
Йесойы мард куыд æриста Йосеф æмæ йæ
зæппадзы куыд бавæрдта, уый. 56Куы раз-
дæхтысты, уæд æрцæттæ кодтой хæрздæф-
гæнæнтæ. Сабат сын, иудейаг Æгъдаумæ
гæсгæ, уыди æнцойбон.

**24** Къуырийæн йæ фыццаг бон сылгоймæг-
тæ, цы хæрздæфгæнæнтæ æрцæттæ кодтой,
уыдон семæ райстой, афтæмæй сæумæйæ
зæппадзмæ атындзыдтой. 2Зæппадзы дур
иуварс фæлдæхтæй баййæфтой. 3Бацыдысты
мидæмæ, фæлæ Хицау Йесойы мард уым нæ
разынди, 4æмæ джихæй аззадысты. Æваст
сæ разы дыууæ лæджы цæхæркалгæ да-
рæсы февзæрдысты. 5Сылгоймæгтæ афтæ
фæтарстысты, æмæ сæ сæртæ уæлæмæ нал
истой, фæлæ сын уыдон загътой: «Удæгасы
мæрдтимæ цы агурут? 6Ам нæй, райгас ис.
Галилейы ма куы уыди, уæд уын цы дзырдта,
уый-ма æрхъуыды кæнут: 7„Адæймаджы
Фырт хъуамæ лæвæрд æрцæуа тæригъæд-
джын адæмы къухмæ. Уыдон Æй дзуарыл
байтындздзысты, æмæ æртыккаг бон рай-
гас уыдзæни“». 8Уæд сылгоймæгтæн сæ
зæрдыл æрлæууыдысты Йесойы ныхæстæ.
9Раздæхтысты зæппадзæй æмæ æппæт дæр
радзырдтой иуæндæс ахуыргæнинагæн,
стæй иннæтæн дæр. 10Уыцы сылгоймæгтæ
уыдысты магдалæйаг Мариа, Иоаннæ æмæ
Йаковы мад Мариа. Семæ ма уыдис æндæр
сылгоймæгтæ, æмæ уыдон дæр апостолтæн
хабар афтæ радзырдтой. 11Фæлæ сыл нæ
бауууындыдысты, афтæ сæм фæкаст, цыма
уыдон æрмæст афтид ныхæстæ сты.

12Петр уæддæр фестад æмæ зæппадзмæ аз-
гъордта. Æргуыбыр кодта, йæ хуылфмæ йын
бакаст æмæ дзы мардæмбæрзæн йеддæмæ
куы ницы федта, уæд фæстæмæ раздæхти,
цы æрцыди, ууыл хинымæр дисгæнгæйæ.

13Раст уыцы бон ахуыргæнинæгтæ дыу-
уæйæ, Йерусалимæй æртиссæдз стадийы
дарддæр цы Эммаусы хъæу уыдис, уырдæм
фæцæйцыдысты 14æмæ фæндагыл, цы цаутæ
æрцыди, уыдоныл дзырдтой. 15Ныхас куы
кодтой æмæ кæрæдзийæн сæ хъуыдытæ куы
дзырдтой, уæд сæм Йесо Йæхæдæг æрбав-
вахс æмæ семæ бамбал ис. 16Фæлæ Йæ уыдон,
цыма сæ цæстытæй рæстмæ ницыуал уыд-
той, уыйау нæ базыдтой. 17Йесо сæ бафарста:
«Уый цæуыл дзурут цæугæ-цæуын?» Уыдон
æнкъардæй æрлæууыдысты, 18æмæ Йын сæ
иу, Клеопа, дзуапп радта: «Йерусалиммæ
æрцæуджытæй, æвæццæгæн, иунæг Ды нæ
зоныс, ацы бонты уым цы æрцыди, уыдæтты
тыххæй?» 19Йесо сæ бафарста: «Цы нæ зо-
нын?» Уыдон Ын загътой: «Назаретаг Йесойы
хабар. Хъуыддагæй дæр æмæ ныхасæй дæр
Уый уыди тыхджын пехуымпар Хуыцауы
æмæ æппæт адæмы раз. 20Нæ хистæр сау-
джынтæ æмæ Йын нæ хицæуттæ марыны
тæрхон рахæссын кодтой, æмæ Йæ дзуарыл
байтыгътой. 21Мах та нæ зæрдæ дардтам,
Израилы Чи фервæзын кæндзæн, Уый кæй
у, ууыл. Йæ байтыгъдыл ныр æртыккаг бон
цæуы, 22æмæ нæ сылгоймæгтæй чидæртæ
мах дисы бафтыдтой — сæумæйæ уыдыс-
ты зæппадзы цур, 23фæлæ Йын Йæ мард не
ссардтой. Æрбаздæхтысты æмæ радзырд-
той, зæдтæ, дам, нæм фæзындысты æмæ
нын загътой, Йесо удæгас у, зæгъгæ. 24Уæд
махæй чидæртæ ацыди зæппадзмæ, æмæ
алцы дæр, сылгоймæгтæ куыд радзырдтой,
афтæ разынди, Йæхи та Йын нæ федтой».

25Уæд сын Йесо загъта: «О æнæмбаргæтæ!
Куыд зынтæй æууæндут, пехуымпартæ ра-
гуацы хуызы цы загътой, æппæт уыдæттыл!
26Чырысти цæмæй Йæ кады бæрзæндмæ
схиза, уый тыххæй Йын æппæт уыцы хъи-
зæмæрттæ бавзаринаг нæ уыдысты, æви?»
27Æмæ сын, Моисей æмæ æппæт пехуым-
партæй райдайгæйæ, бамбарын кодта, æп-
пæт Фыстыты Йæхи тыххæй цы загъд ис,
уыдæттæ.

28Цы хъæумæ цыдысты, уымæ куы бав-
вахс сты, уæд Йесойы фæндыд дарддæр
цæуын. 29Фæлæ Йæ уыдон урæдтой æмæ
Йын лæгъстæ кодтой: «Баззай немæ, тагъд
баизæр уыдзæн, бон фæивгъуыйы». Уæд
Уый дæр бацыди хъæумæ æмæ семæ бацза-
ди. 30Æмæ Йесо фынгыл семæ куы æрбадти,
уæд райста дзул, Хуыцауæн арфæ ракодта,
æрсаста йæ æмæ сæм æй алæвæрдта. 31Уæд
Æм бакастысты æмæ Йæ базыдтой, фæлæ Йæ
цæстæй нал уыдтой. 32Æмæ кæрæдзийæн
загътой: «Фæндагыл немæ куы ныхас кодта
æмæ нын Сыгъдæг Фыст куы амыдта, уæд
нæ риуы нæ зæрдæтæ нæ сыгъдысты, æви?»

**24:13** 60 стадийы – 11 километры бæрц.

33Уыйадыл фестадысты æмæ фæстæмæ Йерусалиммæ аздæхтысты.

Иуæндæс ахуыргæнинаджы иннæтимæ
иумæ уым æмбырдæй баййæфтой. 34Уыдон
дзырдтой, Хицау бæлвырд райгас ис æмæ
Йæхи Симонмæ раргом кодта, зæгъгæ. 35Ацы
дыууæ дæр сын радзырдтой, фæндагыл сыл
цы æрцыди, уый, стæй Йесойы куыд базыдтой, дзул куы æрсаста, уæд.

36Уыдæттыл куы ныхас кодтой, уæд Йесо
Йæхæдæг се 'хсæн æрлæууыд æмæ загъта:
«Фæрнæйдзаг ут!» 37Уыдон фыр тæссæй сагъдау аззадысты — афтæ фенхъæлдтой, цыма
æндæрг уынынц. 38Фæлæ сын Йесо загъта:
«Афтæ тынг цæмæй фæтарстыстут, æмæ уæм
ахæм хъуыдытæ цæмæн æвзæры? 39Фенут
Мын Мæ къухтæ æмæ Мæ къæхтæ: уый Æз
Мæхæдæг дæн. Басгарут Мæ æмæ сбæлвырд
кæнут: æндæргæн буар æмæ стджытæ нæй,
Æз та, куыд уынут, афтæмæй буардзыд дæн».
40Уыцы ныхæсты фæстæ сын фенын кодта
Йæ къухтæ æмæ Йæ къæхтæ. 41Фыр цинæй
сæ куы нæ уырнындта æмæ дисы куы бафтыдысты, уæд сын загъта: «Хæринаг уæм
ницы ис?» 42Физонæггонд кæсаджы кæрдих
Æм радтой. 43Уый йæ райста æмæ йæ сæ
разы бахордта.

44Уый фæстæ сын загъта: «Уемæ ма куы
уыдтæн, уæд уын Æз уымæн дзырдтон,
Моисейы Æгъдау, пехуымпарты чингуытæ æмæ псаломты Мæн тыххæй цы загъд
ис, æппæт уыдæттæ хъуамæ сæххæст уой,
зæгъгæ». 45Раргом сын кодта, Сыгъдæг
Фыст куыд æмбарын хъæуы, уый 46æмæ
загъта: «Фыст ис, Чырысти хъуамæ фæхъизæмар кодтаид æмæ æртыккаг бон
мæрдтæй райгас уыдаид, зæгъгæ. 47Æмæ,
Йерусалимæй райдайгæйæ, æппæт адæмтæм фæсидын хъæуы Йæ номæй, цæмæй
сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кæной æмæ
сын барст æрцæуой. 48Æппæт уыдæттæн
сымах ут æвдисæн. 49Æз уын рарвитдзынæн, Мæ Фыд уын зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый. Æмæ уал ацы сахары баззайут,
цалынмæ уæларвон тыхæй не схайджын
уат, уæдмæ».

50Æмæ сæ сахарæй Вифанийы онг ракодта.
Йæ къухтæ хæрдмæ систа æмæ сын арфæ
ракодта. 51Арфæгæнгæйæ сæ адард ис æмæ
уæларвмæ ссыди. 52Уыдон Ын зæххы онг
ныллæг акуывтой æмæ уый фæстæ стыр цинимæ раздæхтысты Йерусалиммæ. 53Уæдæй
фæстæмæ иудадзыг уыдысты Кувæндоны
æмæ кад кодтой Хуыцауæн.

# Иоанны Евангели

Традицимæ гæсгæ, ацы Евангелийы авторыл нымад у Иоанн, Йесомæ уæлдай хæстæг чи уыдис, уыцы апостолтæй иу. Фыст куыд у, уымæ гæсгæ йæ Йесо уæлдай тынгдæр уарзта. Иоанн у, Чырыстийы дыууадæс ахуыргæнинагæй мард чи не 'рцыди æмæ зæронды бонтæм чи фæцарди, уыцы иунæг апостол. Ацы Евангели фыст æрцыдис иннæ Евангелиты фæстæ. Иоанн æй ныффыста фыццаг æртæ Евангелийы цух бынæттæ баххæст кæныны тыххæй, цæмæй чиныгкæсджыты бауæндын кæна, Чырысти Хуыцауы Фырт кæй у æмæ уырнджытæн ног цардмæ фæндаг кæй гом кæны, уыл. Иннæтимæ абаргæйæ, ацы Евангели хъæздыгдæр у вазыгджын хъуыдытæ æмæ ирд поэтикон фæлгонцтæй. Иоанн нæ тырны Чырыстийы цардимæ баст цаутæ бæлвырд хронологион фæткыл радзурынмæ. Сæйраг бынаты уый æвæры Чырыстийы ныхæстæ, фæлæ ацы ран уыдон, иннæ Евангелиты куыд у, афтæ æлвæст афоризмты хуызы лæвæрд не сты, иунæг æмбисонд дæр дзы нæй. Уыйхыгъд Иоанн рæгъмæ хæссы, Чырысти Йæ æввахсдæр ахуыргæнинæгтæн кæй ныууагъта, уыцы амындтытæ.

Евангели адих кæнæн ис цыппар хайыл:

1. Разныхас; уым бæлвырдæй загъдæуы, Йесо Йæхæдæг кæй у Хуыцау. Адæмы фервæзын кæныны сæраппонд Уый сси адæймаг (1:1-18).
2. Йесойы уæларвон æрдзыхъæд, Йæ царды нысан æвдисæг æмæ дисæфтауæг авд хъуыддаджы (1:19–12:50).
3. Йесойы зæххон царды фæстаг бонты биноныг æрфыст. Йæ байтыгъд æмæ Йæ мæрдтæй райгас (13–20 сæртæ).
4. Эпилог: мæрдтæй растæг Йесойы æмахастытæ Йæ ахуыргæнинæгтимæ (21 сæр).

---

**1** Райдианы уыди Дзырд, æмæ Дзырд уыди
Хуыцаумæ, æмæ Дзырд уыди Хуыцау. 2Уый
райдианы уыди Хуыцаумæ. 3Æппæт дæр Уый
фæрцы сфæлдыстæуыд, æмæ, цыдæриддæр
ис, уыдонæй æнæ Уымæй ницы сфæлдыс-
тæуыд. 4Уый уыди царддæттæг, æмæ уыцы
цард адæмæн уыди сæ рухс. 5Рухс талынджы
рухс кæны, æмæ йыл талынг нæ фæтых ис.
6Уыди Хуыцауæй æрвыст лæг, йæ ном
Иоанн. 7Уый æрцыдис æвдисæнæн, цæмæй
зæгъа Рухсы тыххæй æмæ Йыл адæм ирууыл-
дæр бауæндой йæ фæрцы. 8Уый йæхæдæг
Рухс нæ уыд, фæлæ æрвыст уыди Рухсы
тыххæй зæгъынмæ.
9Уыцы Рухс уыди æцæг, дунемæ æрцæу-
джытæй алкæй дæр Чи срухс кæны, ахæм.
10Уый уыдис, Йæ фæрцы чи фæзынди, уыцы
дунейы, фæлæ Йæ дуне нæ базыдта. 11Æрцыд
йæхионтæм, æмæ Йæ йæхионтæ нæ айстой.
12Фæлæ Йæ чи айста æмæ Йыл чи бауæндыд,
уыдонæн та радта Хуыцауы хъæбултæ суæвы-
ны бар. 13Уыдон нæдæр тугæй, нæдæр буары
монцæй, нæдæр зæххон адæймаджы фæндæй
райгуырдысты — Хуыцауæй рантыстысты.
14Дзырд сси Адæймаг æмæ царди не 'хсæн,
хорзæх æмæ æцæгадæй æххæстæй. Æмæ
Йын мах федтам Йæ кад — Фыдæй иунæг
Фыртæн цы кад ис, уый. 15Иоанн Ын æвди-
сæн лæууы æмæ хъæрæй сиды: «Уый у, æз
афтæ Кæмæй загътон: „Мæ фæстæ Чи цыди,
Уый фæци мæ разæй, уымæн æмæ æз нæма
уыдтæн, Уый та уыди“». 16Æмæ Йæ æгæрон
æххæстдзинадæй мах не 'ппæт дæр хорзæх
хорзæхы фæдыл райстам, 17уымæн æмæ
нын Æгъдау Моисейы фæрцы лæвæрд уыд,
Хуыцауы хорзæх, фарн æмæ æцæгад та нын
раргом кодта Йесо Чырысти. 18Хуыцауы ни-
куы ничи федта, фæлæ нын Æй Йæ иунæг
Фырт — Фыдимæ иу Чи у æмæ æцæг Хуыцау
Чи у, Уый раргом кодта.
19Иудейæгтæ Йерусалимæй сауджынтæ
æмæ левитты Иоанммæ, ды чи дæ, зæгъгæ,
бафæрсынмæ куы арвыстой, 20уæд æй уый
нæ басусæг кодта æмæ æргомæй загъта:
«Чырысти нæ дæн». 21Уæд æй бафарстой:
«Уæдæ чи дæ? Илийа дæ?» Уый сын загъта:
«Нæ дæн». «Пехуымпар дæ?» Уый дзуапп рад-
та: «Нæ дæн». 22Бафарстой та йæ: «Уæдæ чи
дæ? Цы дзуапп раттæм нæ рарвитджытæн?

**1:19** Иоанны Евангелийы дзырд «иудейаг» арæх амоны «иудейаг хицау». **1:21** Ам дзырдæуы, уыцы заманы иудейæгтæ кæмæ 'нхъæлмæ кастысты, уыцы пехуымпарыл.

Дæхæдæг дæхи тыххæй цы зæгъдзынæ?»
23Уый сын дзуапп радта пехуымпар Исайа-
йы ныхæстæй: «Æз дæн æдзæрæг быдыры
фидиуæджы хъæлæс: „Сæмраст кæнут Бар-
дарæгæн Йæ фæндаг“». 24Кæй Йæм арвыстой,
уыдон та уыдысты фарисейтæ. 25Æмæ йæ
бафарстой: «Уæдæ кæд нæдæр Чырысти дæ,
нæдæр Илийа, нæдæр пехуымпар, уæд цæ-
мæн аргъауыс?» 26Иоанн сын дзуапп радта:
«Æз аргъауын донæй, фæлæ уе 'хсæн лæууы
иу Чидæр, сымах Кæй нæ зонут, Уый — 27мæ
фæстæ Цæуæг, æмæ æз Уымæн Йæ дзабыры
бос райхалыны аккаг дæр нæ дæн». 28Ацы
ныхас рауади Вифанийы, Иорданы цæугæдо-
ны фаллаг фарс, Иоанн кæм аргъуыдта, уым.
29Дыккаг бон Иоанн кæсы, æмæ йæм Йесо
æрбацæуы, æмæ загъта: «Мæнæ Хуыцауы
Уæрыкк, дунейы тæригъæдтæ Чи ахæсдзæ-
ни, Уый. 30Ай тыххæй уын загътон: „Мæ
фæстæ цы Адæймаг цæуы, Уый фæци мæ
разæй, уымæн æмæ æз нæма уыдтæн, Уый
та уыди“. 31Æз Æй нæ зыдтон, фæлæ донæй
аргъауынмæ уымæн æрцыдтæн, цæмæй Йæ
Израилæн раргом кæнон». 32Æмæ Иоанн,
æвдисæн лæугæйæ, дзырдта: «Æз федтон,
Сыгъдæг Уд уæларвæй бæлоны хуызы Уымæ
куыд æрцæйцыд æмæ Йемæ куыд баззади,
уый. 33Æз Æй нæ зыдтон, фæлæ мæ донæй
аргъауынмæ Чи рарвыста, Уый мын загъта:
„Уд æрцæйцæугæ æмæ æрæнцайгæ Кæуыл
фенай, Уый у Сыгъдæг Удæй аргъауæг“. 34Æз
уыдæттæ федтон æмæ, Уый Хуыцауы Фырт
кæй у, уымæн æвдисæн лæууын».
35Дыккаг бон дæр та Иоанн лæууыд йæ
ахуыргæнинæгтæй дыууæимæ. 36Æмæ Йе-
сойы фæцæйцæугæ куы федта, уæд загъта:
«Мæнæ Хуыцауы Уæрыкк». 37Ахуыргæнинæг-
тæ уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой, уæд сæ
дыууæ дæр ацыдысты Йесойы фæдыл. 38Йесо
фæстæмæ куы фæзылд æмæ сæ Йæ фæдыл
цæугæ куы федта, уæд сæ фæрсы: «Цы уæ
хъæуы?» Уыдон дæр Æй бафарстой: «Равви
(ома Ахуыргæнæг), кæм цæрыс?» 39Уый сын
загъта: «Рацæут æмæ йæ фендзыстут». Уы-
дон ацыдысты æмæ федтой, Йесо кæм цæры,
уый. Æмæ уыцы бон уым Йемæ баззадысты.
Уыди дæс сахатмæ æввахс.
40Иоаннæй Йесойы кой чи фехъуыста æмæ
Йæ фæдыл чи ацыди, уыцы дыууæйæ иу уы-
дис Андрей, Симон Петры æфсымæр. 41Анд-
рей æвæстиатæй бацагуырдта йе 'фсымæр
Симоны æмæ йын загъта: «Мах ссардтам
Мессиайы» (ома Чырыстийы). 42Æмæ йæ Йе-
сомæ æрбакодта. Йесо йæм бакаст æмæ йын
загъта: «Иоанны фырт Симон, дæ ном уыдзæ-
ни Кифæ» (ома «дур», бердзенагау — Петр).
43Дыккаг бон Йесо Галилеймæ цæуынвæнд
скодта. Ссардта Филиппы æмæ йын загъта:
«Цом Мемæ». 44Филипп та уыди Вифсаи-
дæйæ, Андрей æмæ Петр кæцæй уыдысты,
уыцы сахарæй. 45Уæд Филипп бацагуырдта
Нафанаилы æмæ йын загъта: «Мах ссардтам,
Моисейы Æгъдауы, стæй пехуымпарты чин-
гуыты Кæй тыххæй фыст ис, уыцы Назаретаг
Йесойы, Йосифы фырты». 46Нафанаил ын
дзуапп радта: «Назаретæй дæр хорзæй исты
рацæудзæн?» Филипп ын загъта: «Ацу æмæ
йæ дæхæдæг фен». 47Йесо Нафанаилы æрба-
цæйцæугæ куы федта, уæд загъта: «Мæнæ
æцæг израилаг, хиндзинад кæмæ нæй, уый».
48Нафанаил Æй бафарста: «Ды мæ кæцæй
зоныс?» Йесо йын дзуапп радта: «Филипп
дæм нæма фæдзырдта, афтæ дæ Æз федтон
легъуи бæласы бын». 49Нафанаил Ын загъ-
та: «Равви, Ды дæ Хуыцауы Фырт, Израилы
Паддзах!» 50Йесо йын дзуапп радта: «Ды
æууæндыс, уымæн æмæ дын загътон: „Æз
дæ федтон легъуи бæласы бын“. Фендзынæ
ма уымæй фылдæр». 51Ноджы ма йын загъта:
«Æцæг цы у, уый уын зæгъын: нырæй фæс-
тæмæ уындзыстут, арвы дуар куыд байгом
вæййы æмæ Хуыцауы зæдтæ Адæймаджы
Фыртмæ куыд æрцæуынц æмæ фæстæмæ
уæларвмæ куыд ссæуынц, уый».

**2** Æртыккаг бон галилейаг Канæйы уыди
чындзæхсæв, æмæ Йесойы мад уыди уым.
2Йесо æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæ дæр ху-
ынд уыдысты чындзæхсæвмæ. 3Æмæ, сæн
куы фæци, уæд Йесойæн Йæ мад загъта:
«Сæн сæм нæй». 4Йесо йын дзуапп радта:
«Уый Мæнæй цæмæн домыс, сылгоймаг?
Мæ рæстæг нæма æрцыд». 5Уæд Йæ мад
лæггадгæнджытæн бафæдзæхста: «Цы уын
зæгъа, уый-иу бакæнут».
6Иудейаг æгъдаумæ гæсгæ, уым хи цæхсы-
нæн лæууыди, фæйнæ дыууæ-æртæ метреты
бæрц кæм цыди, ахæм дурæйконд æхсæз
done
донгарзы. 7Йесо лæггадгæнджытæн загъта:
«Донгæрзтæ донæй байдзаг кæнут». Æмæ сæ
байдзаг кодтой сæ былтæм. 8Уæд та сын Йесо
загъта: «Ныр дзы сæвгæнут æмæ йæ фынджы
уагдармæ ахæссут». Æмæ афтæ бакодтой.
9Фынджы уагдар сæнæй куы ацахуыста, —
ныр, кæцæй у, уый та нæ зыдта, зыдтой йæ
æрмæстдæр, донгæрзтæй дон чи сæвгæдта,
уыцы лæггадгæнджытæ, — уæд фæдзырдта

**1:39** Сахæттæ амынд сты рагон нымадæй (кæс дзырдуаты).
**1:42** Кифæ арамейагау æмæ Петр бердзенагау амонынц «дур».
**2:6** Ома 75–115 литры бæрц.

сиахсагмæ 10æмæ йын загъта: «Алчи уал
раздæр хорз сæн æрæвæры фынгыл, æмæ
сæ фаг куы бануазынц, уæд та — æвзæрдæр.
Ды та хорз сæн нырмæ ныууагътай».
11Йесо галилейаг Канæйы цы бакодта, уый
уыди Йæ диссæгты райдайæн, уымæй рав-
дыста Йæ кады хъомыс, æмæ Йыл Йæ аху-
ыргæнинæгтæ бауууæндыдысты.
12Уый фæстæ Йесо Йæ мад, Йе 'фсымæртæ
æмæ Йæ ахуыргæнинæгтимæ ацыди Ка-
пернауммæ, æмæ дзы цалдæр боны фесты.
13Æрæввахс ис иудейаг Куадзæн, æмæ Йе-
со ацыди Йерусалиммæ. 14Уым Кувæндоны
байиæфта галтæ, фыстæ æмæ бæлонуæйгæн-
джыты, стæй æхцаивджыты бадгæ. 15Уæд
синагæй ехс сарæзта æмæ се 'ппæты дæр æд
фыстæ æмæ æд галтæ Кувæндонæй ратардта,
æхцаивджытæн се 'хца ныппырх кодта, сæ
фынгтæ сын афæлдæхта. 16Бæлæттæ уæй-
гæнджытæн та загъта: «Айсут сæ ардыгæй
æмæ Мын Мæ Фыды Хæдзарæй базаргæнæн
хæдзар ма аразут». 17Уæд Йæ ахуыргæни-
нæгты зæрдыл æрлæууыди, Сыгъдæг Фыст
цы зæгъы, уый: «Дæ Хæдзары мæт Мæ уд-
харæй мары».
18Уæд Æй иудейæгтæ бафарстой: «Ахæм
бартæ Дæм кæй ис, ууыл нæ цæмæй бауууæн-
дын кæндзынæ?» 19Йесо сын дзуапп радта:
«Фехалут ацы Кувæндон, æмæ йæ Æз æртæ
бонмæ сараздзынæн». 20Уæд Ын иудейæгтæ
загътой: «Ацы Кувæндон æхсæз æмæ дыу-
уиссæдз азы арæзтой, Ды та йæ æртæ бонмæ
сараздзынæ?» 21Фæлæ Йесо, Кувæндоны тых-
хæй дзургæйæ, Йæ буары кой кодта. 22Æмæ,
мæрдтæй куы райгас ис, уæд Йæ ахуыргæ-
нинæгтæн уыцы ныхæстæ æрлæууыдысты
сæ зæрдыл æмæ бауууæндыдысты Сыгъдæг
Фыстыл æмæ, цы дзырдта, ууыл.
23Куадзæны бæрæгбоны Йесо Йерусалимы
куы уыди, уæд цы диссæгтæ æвдыста, уыдон
бирæтæ федтой æмæ Йыл бауууæндыдысты.
24Йесо сыл Йæхæдæг та не 'ууæндыд, уымæн
æмæ се 'ппæты дæр зыдта 25æмæ Йын адæй-
маджы тыххæй исчи исты загътаид, уый сæр
Æй нæ хъуыд — йæ зæрдæйы кæмæн цы ис,
уый Йæхæдæг хорз зыдта.

**3** Фарисейты æхсæн уыдис иу адæймаг,
йæ ном — Никодим, иудейаг хицæуттæй
иу. 2Уый æхсæвы æрбацыди Йесомæ æмæ
Йын загъта: «Равви, мах зонæм, Ды, Хуы-
цауæй Чи æрцыд, ахæм Ахуыргæнæг кæй
дæ. Уымæн æмæ, Ды цы диссæгтæ аразыс,
уыдон саразын никæй бон бауыдзæн, Хуы-
цау йемæ куынæ уа, уæд». 3Йесо йын дзуапп
радта: «Æцæг цы у, уый дын зæгъын: ногæй
чи нæ райгуыра, уымæн йæ бон нæ бауы-
дзæн Хуыцауы Паддзахад фенын». 4Никодим
бадис кодта: «Карджын адæймаг ма ногæй
куыд хъуамæ райгуыра? Ау, дыккаг хатт
мады гуыбынмæ бацæудзæн æмæ ногæй
райгуырдзæн?»
5Йесо йын дзуапп радта: «Æцæг цы у, уый
дын зæгъын: дон æмæ Сыгъдæг Удæй чи нæ
райгуыра, уымæн йæ бон нæ бауыдзæни Ху-
ыцауы Паддзахадмæ бацæуын. 6Адæймагæй
райгуыры адæймаг, Удæй та райгуыры уд.
7Ма дис кæн, ногæй хъуамæ райгуырат, зæгъ-
гæ, дын кæй загътон, ууыл. 8Дымгæ дымы,
кæм æй фæнды, уым, йæ уынæр ын хъусыс,
фæлæ, кæцæй æрцæуы æмæ кæдæм ацæуы,
уый нæ зоныс. Афтæ вæййы йæ хабар, Удæй
чи райгуыры, уымæн дæр».
9Никодим Æй бафарста: «Уымæн гæнæн
куыд ис?» 10Йесо йын дзуапп радта: «Ды
Израилы адæмы ахуыргæнæг куы дæ, уæд
æй нæ зоныс? 11Æцæг цы у, уый дын зæгъын:
мах, цы зонæм, ууыл дзурæм, æмæ æвдисæн
лæууæм, цы федтам, уымæн, сымах та не
'вдисæнадыл не 'ууæндут. 12Æз уын, зæххон
цы у, уый тыххæй загътон, æмæ уæ куы нæ
уырны, уæд уын, уæларвон цы у, уый тых-
хæй куы дзурон, уæд уæ куыд бауырндзæн?
13Ничима ссыди уæларвмæ, уырдыгæй Чи
æрцыд, Уымæй фæстæмæ, — Уый у Адæйма-
джы Фырт. 14Æмæ Моисей æдзæрæг быдыры
æрхуы калмы уæлæмæ куыд систа, афтæ
Адæймаджы Фырт дæр хъуамæ уæлæмæ
ист æрцæуа, 15цæмæй Йыл чидæриддæр
æууæнды, уыдонæн уа мыггагмæйы цард.
16Хуыцау афтæ бауарзта дуне, æмæ радта
Йæ Иунæг Фырты, цæмæй Йыл чидæриддæр
æууæнды, уыдон ма фесæфой, фæлæ сын уа
мыггагмæйы цард. 17Уымæн æмæ Хуыцау
Йæ Фырты дунейæн тæрхон рахæссынмæ
нæ рарвыста, фæлæ дуне Уый фæрцы фер-
вæзын кæнынмæ. 18Чи Йыл æууæнды, уый
тæрхонгонд нæ уыдзæн, чи Йыл не 'ууæнды,
уымæн та ныридæгæн тæрхон рахастæуыд,
уымæн æмæ нæ бауууæндыди Хуыцауы Иу-
нæг Фыртыл. 19Тæрхон та уый мидæг ис, æмæ
рухс æрцыди дунемæ, фæлæ адæм рухсæй
фылдæр бауарзтой талынг, уымæн æмæ сæ
хъуыддæгтæ хæрам уыдысты. 20Йæ хъуыд-
дæгтæ хæрам кæмæн сты, уый рухсæй йе
сæфт уыны æмæ рухсмæ нæ цæуы, цæмæй
йæ хъуыддæгтæ ма раргом уой. 21Фæлæ æцæ-
гадмæ гæсгæ чи цæры, уый та цæуы рухсмæ,
йæ хъуыддæгтæ æргом куыд уой, афтæ, уы-
мæн æмæ уыдон Хуыцауæн фæндон сты».

22Уый фæстæ Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ
ацыди Иудейы зæхмæ. Уым семæ иу цасдæр
фæци æмæ аргъуыдта донæй. 23Иоанн дæр
дарддæр аргъуыдта Еноны, Салиммæ хæс-
тæг, уымæн æмæ уым дон бирæ уыди. Æмæ
йæм адæм цыдысты донаргъуыд райсынмæ.
24Уæд Иоанны ахæстоны нæма бакодтой.

25Иоанны ахуыргæнинæгтæ иу иудейагимæ
мæ фæбыцæу сты хи ссыгъдæг кæныны фæ-
дыл. 26Уæд бацыдысты Иоаннмæ æмæ йын
загътой: «Равви, Иорданы фаллаг фарс демæ
Чи уыдис æмæ ды Кæй тыххæй дзырдтай,
Уый аргъауы донæй, æмæ адæм иууылдæр
Уымæ цæуынц». 27Иоанн сын дзуапп радта:
«Адæймагæн йæ бон аразын ницы у, уæлар-
вæй йын лæвæрд куынæ уа, уæд. 28Æз цы
дзырдтон, уымæн уæхæдæг стут æвдисæн-
тæ: „Æз Чырысти нæ дæн, фæлæ Йæ разæй
æрвыст дæн“. 29Усаг кæмæн ис, уый сиахсаг
у. Сиахсаджы хæлар та лæууы йæ фарсмæ,
хъусы йын йæ райгæ хъæлæсмæ æмæ йын
цин кæны йæ цинæй. Гъе ахæм цин ныр æр-
цыди мæнмæ дæр. 30Уымæн рæзын æмбæлы,
мæнæн та — къаддæрæй-къаддæр кæнын.

31Уæларвæй Æрцæуæг алкæмæй дæр уæл-
дæр у; зæххæй чи у, уый та зæххон у æмæ
ныхас кæны зæххонау. Уæларвæй Æрцæуæг
алкæмæй уæлдæр у. 32Уый, Йæхæдæг цы
федта æмæ цы фехъуыста, уыдæтты тых-
хæй лæууы æвдисæн, фæлæ Йын Йæ ныха-
сыл ничи æууæнды. 33Йæ ныхасыл ын чи
æууæнды, уый та уымæй æвдисы, Хуыцау
æцæг кæй у, уый. 34Хуыцау Кæй рарвыста,
Уый Хуыцауы ныхæстæ дзуры, уымæн æмæ
Хуыцау Йæ Удæй барстæй нæ дæтты. 35Фыд
уарзы Фырты æмæ Йын æппæт дæр радта
Йæ къухмæ. 36Фыртыл чи æууæнды, уый
хайджын у мыггагмæйы цардæй, Фыртмæ
чи нæ хъусы, уый та цард нæ фендзæн — Ху-
ыцауы азар æй баййæфта».

**4** Йæ ахуыргæнинæгтæ Иоанны ахуыргæ-
нинæгтæй фылдæр кæнынц æмæ Иоаннæй
фылдæр аргъауы, зæгъгæ, уыцы хабар фа-
рисейтæм кæй бахæццæ ис, Йесо уый куы
базыдта — 2уæвгæ, Йесо Йæхæдæг нæ аргъу-
ыдта, фæлæ Йæ ахуыргæнинæгтæ, — 3уæд
ныууагъта Иудейы бæстæ æмæ фæстæмæ
аздæхти Галилеймæ.

4Йæ фæндаг уыди Самарийыл. 5Æмæ, Йа-
ков йæ фырт Йосефæн цы зæххы хай радта,
уымæ хæстæг, Сихар, зæгъгæ, уыцы самариаг
сахармæ бацыди. 6Уым уыди Йаковы цъай.
Йесо фæндагыл бафæллад æмæ цъайы цур
æрбадти. Уыдис æмбисбонмæ æвваахс.

7Дон хæссынмæ æрбацыди иу самари-
аг сылгоймаг. Йесо йæм дзуры: «Дон-ма
Мын авæр». 8Йæ ахуыргæнинæгтæ та уы-
цы рæстæг сахармæ хæринаг æлхæнынмæ
ацыдысты. 9Самариаг сылгоймаг Ын зæгъы:
«Ды иудейаг куы дæ, уæд мæнæй, самари-
агæй, дон куыд курыс?» (Афтæ та уымæн
загъта, æмæ иудейæгтæ самариæгтыл не
'рвæссынц.) 10Йесо йын дзуапп радта: «Ды,
Хуыцауы хорзæх цы у, уый куы зонис, стæй,
„дон-ма Мын авæр“ дын Чи зæгъы, уый дæр,
уæд Дзы дæхæдæг ракурис, æмæ дын Уый
раттид цардæттæг дон».

11Сылгоймаг Ын загъта: «Ме 'лдар, цъай
арф у, Дæумæ та æгæрыстæмæй, дон цæ-
мæй сисай, уый дæр куы нæй, уæд Дæм
цардæттæг дон кæцæй ис? 12Ацы цъай нын
нæ фыдæл Йаков ныууагъта. Йæхæдæг дæр
дзы нуæзта, стæй йæ сывæллæттæ дæр æмæ
йæ фос дæр. Ау, Ды уымæй уæлдæр дæ?»
13Йесо йын дзуапп радта: «Ацы донæй чидæ-
риддæр нуазы, уый ногæй сдойны уыдзæн.
14Æз ын цы дон раттон, уымæй чи баназа,
уый та никуыуал сдойны уыдзæн. Æз ын
цы дон раттон, уый йæ зæрдæйы фестдзæни
мыггагмæйы цардæттæг суадон». 15Сыл-
гоймаг Ын загъта: «Ме 'лдар, ратт мын уыцы
донæй, цæмæй дойны ма кæнон æмæ ардæм
дон хæссынмæ мауал цæуон».

16Йесо йын зæгъы: «Ацу, дæ моймæ фæдзур
æмæ фæстæмæ раздæх». 17Сылгоймаг Ын
дзуапп радта: «Моймæдзыд нæ дæн». Йесо
йын загъта: «„Моймæдзыд нæ дæн“ кæй
зæгъыс, уымæй раст дæ. 18Уыди дын фондз
лæджы, æмæ, ныртæккæ кæимæ цæрыс,
уый дæр дæ мой нæу. Уымæй раст загътай».

19Сылгоймаг Ын зæгъы: «Ме 'лдар, æз уы-
нын, Ды пехуымпар кæй дæ, уый. 20Нæ фы-
дæлтæ ацы хохыл куывтой Хуыцаумæ, сымах
та, иудейæгтæ, афтæ зæгъут, кувын кæм æм-
бæлы, уыцы бынат Йерусалимы ис, зæгъгæ».
21Йесо та йæм дзуры: «Бауæнд Мыл, сылгой-
маг, æрцæуы ахæм рæстæг, æмæ нæ уæлар-
вон Фыдмæ нæдæр ацы хохыл кувдзыстут,
нæдæр Йерусалимы. 22Сымах, самариæгтæ,
кæмæ кувут, уый уæхæдæг дæр нæ зонут.
Мах та Кæмæ кувæм, уый зонæм, уымæн
æмæ ирвæзындзинад иудейæгтæй цæуы.
23Фæлæ ралæудзæн ахæм рæстæг, уæвгæ,
цæугæ дæр æркодта, æмæ æцæг кувджытæ
нæ уæларвон Фыдмæ кувдзысты Æцæгады
Удæй разæнгардæй, уымæн æмæ Фыд Йæхи-
цæн ахæм кувджыты агуры. 24Хуыцау у Уд,
æмæ Йæм чи кувы, уыдон Æм хъуамæ кувой
Удæй разæнгардæй æмæ æцæгадмæ гæсгæ».

25Сылгоймаг Ын зæгъы: «Æз æй зонын,
Мессиа, ома, Чырысти кæй хонынц, Уый
кæй æрцæудзæн æмæ, куы ’рцæуа, уæд нын
алцыдæр бацамондзæн». 26Йесо йын загъта:
«Уый Æз дæн, демæ ныхасгæнæг».
27Уыцы рæстæг æрбацыдысты Йæ ахуыр-
гæнинæгтæ æмæ сæм, Йесо сылгоймагимæ
кæй ныхас кодта, уый диссаг фæкасти. Фæлæ
Йæ сæ иу дæр нæ бафарста: «Цы дæ хъæуы?»
кæнæ: «Цæуыл дзурыс йемæ?»
28Сылгоймаг йæ дурын уым фæуагъта,
ацыди сахармæ æмæ адæмæн дзуры: 29«Ра-
цæут æмæ фенут, æз цы ракодтон, æппæт
уыдæттæ мын Чи загъта, уыцы Адæймаджы.
Уый Чырысти нæу, цымæ?» 30Æмæ адæм
сахарæй Йесомæ рацыдысты.
31Уыцы рæстæг Æм Йæ ахуыргæнинæг-
тæ бахатыдысты: «Равви, исты скомдзаг
кæн». 32Фæлæ сын Уый загъта: «Мæнмæ ис,
сымах кæй нæ зонут, ахæм хойраг». 33Æмæ
Йæ ахуыргæнинæгтæ кæрæдзийы фарстой:
«Мыййаг Ын исчи хæринаг æрбахаста?»
34Йесо сын загъта: «Мæ хойраг у Мæ Рар-
витæджы фæндон æххæст кæнын æмæ Йын
Йæ хъуыддаг кæронмæ саразын.
35Сымах афтæ нæ фæзæгъут, мыййаг, ху-
ымгæрдæнтæм ма цыппар мæйы баззади,
зæгъгæ? Æз та уын зæгъын: акæсут-ма уæ
цæстытæй æмæ фенут, хуымтæ ныридæгæн
кæрдинаг кæй сты, уый. 36Хуымгæрдæг йæ
хæрзиуæг райсы æмæ тыллæг æмбырд кæны
мыггагмæйы цардæн. Афтæмæй тауæг дæр
æмæ хуымгæрдæг дæр иумæ цин кæндзыс-
ты. 37Уымæ гæсгæ раст уыдзæни æмбисонд:
„Иу тауы, иннæ кæрды“. 38Æз уæ арвыстон,
сымах кæй нæ бакуыстат, уый кæрдынмæ.
Æндæртæ бафыдæбон кодтой, æмæ сæ ку-
ыстæй хай ис сымахæн дæр».
39Уыцы сахары цæрæг самариæгтæй Йе-
сойыл бирæтæ баууæндыдысты, цы митæ
фæкодта, æппæт уыдæттæ йын Йесо кæй
загъта, сылгоймаг уый куы радзырдта, уæд.
40Уымæ гæсгæ Йын самариæгтæ, куы æрба-
цыдысты, уæд лæгъстæ кодтой, цæмæй сæм
афæстиат уа. Æмæ уæд дыууæ боны уым
баззади. 41Йæхимæ Йын куы байхъуыстой,
уæд Ыл нодджы фылдæр адæм баууæндыди.
42Уыцы сылгоймагæн та дзырдтой: «Ныр Ыл
мах дæ ныхасмæ гæсгæ не ’ууæндæм — нæ-
хæдæг Æм байхъуыстам æмæ зонæм, Уый
æцæгдæр дунейы Ирвæзынгæнæг [Чырысти]
кæй у, уый».
43Дыууæ боны фæстæ Йесо уырдыгæй
ацыди Галилеймæ, 44уымæн æмæ Йæхæдæг
дзырдта, пехуымпарæн йæ фыдыбæстæйы
кад нæй, зæгъгæ. 45Галилеймæ куы бацыди,
уæд Ыл галилейæгтæ æхсызгонæй сæмбæл-
дысты, уымæн æмæ уыдон дæр бæрæгбоны
Йерусалимы уыдысты æмæ федтой, Йесо
уым цы сарæзта, æппæт уыдæттæ.
46Йесо ногæй æрбацыди, дон сæн кæм фес-
тын кодта, уыцы галилейаг Канæмæ. Уыцы
рæстæг Капернаумы паддзахы дæлдæртæй
иуæн йæ фырт уыди рынчын. 47Æмæ уыцы
лæг, Йесо Иудейæ Галилеймæ кæй ацыди,
уый куы фехъуыста, уæд Æм бахæццæ ис
æмæ Йын лæгъстæ кодта, мæ фырт мæлæты
къахыл лæууы, æрцу æмæ мын æй сдзæбæх
кæн, зæгъгæ. 48Йесо йын загъта: «Сымах
æнæ æвдисæйнæгтæ æмæ диссæгтæ ницæ-
уыл баууæнддзыстут». 49Æлдар Ын загъта:
«Хицау, рацу, Дæ хорзæхæй, цалынмæ ма
мæ фырт æгас у, уæдмæ». 50Йесо йын дзуапп
радта: «Ацу, дæ фырт сдзæбæх уыдзæн». Уый
баууæндыди Йесойы ныхасыл æмæ ацыди.
51Нырма фæндагыл уыди, афтæ йæ цагъар-
тæ рацыдысты йæ размæ æмæ йын загътой:
«Дæ фырт фæдзæбæх ис». 52Уый сæ бафарста:
«Кæд ын фенцондæр ис?» Уыдон ын загътой:
«Знон, фæссихоры фыццаг сахатыл йæ тæвд
æрхауд». 53Уæд фыд базыдта, уыцы хабар,
Йесо йын афтæ куы загъта, дæ фырт фæдзæ-
бæх уыдзæн, зæгъгæ, тæккæ уыцы афон кæй
æрцыди, уый. Æмæ йæхæдæг дæр, стæй йæ
хæдзаронтæ дæр иууылдæр баууæндыдысты.
54Афтæ Йесо дыккаг хатт, Иудейæ Гали-
леймæ æрыздæхгæйæ, сарæзта диссаг.

**5** Уый фæстæ уыди иудейаг бæрæгбон, æмæ
Йесо ацыди Йерусалиммæ.
2Йерусалимы, Фысты кулдуары раз, ис
найæн бынат фондз æхгæдсæр тыргъимæ,
дзуттагау æй хонынц Вефесда. 3Тыргъты
хуыссыди бирæ рынчынтæ: куырмытæ, къу-
ылыхтæ æмæ цæнкуылтæ. [Уыдон æнхъæл-
мæ кастысты доны базмæлдмæ — 4Хуыцауы
зæд-иу рæстæгæй-рæстæгмæ йæхи æруагъта
найæнмæ æмæ-иу дон азмæста; уый фæстæ-
иу фыццаг чи ныххызт, уый-иу сдзæбæх ис
цыфæнды низæй дæр.]
5Уыдис дзы, æстдæс æмæ ссæдз азы дæр-
гъы чи сади, иу ахæм лæг. 6Йесо йæ уым ху-
ысгæйæ куы федта æмæ рагæй кæй у рынчын,
уый куы базыдта, уæд æй бафарста: «Фæнды
дæ, æмæ æнæниз уай?» 7Рынчын Ын дзуапп
радта: «Ме ’лдар, дон гуылфæнтæ кæнын

**4:25** Мессиа – æрмæст Моисейы Фондзчиныгоны домæнтæ нымад кæмæ уыдысты, уыцы самариæгты хъуыдымæ гæсгæ – Моисейы хуызæн пехуымпар, ахуыргæнæг æмæ æгъдауæвæрæг.

куы райдайы, уæд мæ найæнмæ чи ныйиса,
ахæм мын ничи ис. Цалынмæ æз уырдæм
ныххизынил фæцархайын, уæдмæ æндæр
исчи мæ разæй фæвæййы». 8 Уæд æм Йесо
дзуры: «Рабад, сис дæ хуыссæн æмæ цу».
9 Æмæ уыйадыл рынчын адзæбæх ис, систа
йæ хуыссæн æмæ ацыди.

Уыцы цау æрцыди сабаты. 10 Æмæ, чи сдзæ-
бæх ис, уыцы лæгæн иудейæгтæ дзырдтой:
«Абон сабат у, дæ хуыссæн хæссын дын не
'мбæлы». 11 Уый сын дзуапп радта: «Чи мæ
сдзæбæх кодта, Уый мын загъта: „Сис дæ
хуыссæн æмæ цу“». 12 Уæд æй бафарстой:
«Афтæ дын Чи загъта: „Сис дæ хуыссæн æмæ
цу“, уыцы Адæймаг чи у?» 13 Чи сдзæбæх ис,
уый та Йæ нæ зыдта, уымæн æмæ Йесо, цы
бирæ адæм дзы уыди, уыдоны æхсæн Йæхи
фæаууон кодта.

14 Фæстæдæр ыл Йесо Кувæндоны амбæлд
æмæ йын загъта: «Ныр ды сдзæбæх дæ. Тæ-
ригъæд мауал ракæн, ноджы фыддæр исты
дыл куыннæ 'рцæуа, афтæ». 15 Уыцы лæг ацыд
æмæ иудейæгтæн радзырдта, ме сдзæбæх-
гæнæг Йесо у, зæгъгæ.

16 Уыйадыл иудейæгтæ Йесойы фæдыл
зилын райдыдтой, сабаты ахæм хъуыддæг-
тæ кæй арæзта, уый тыххæй. 17 Йесо та сын
загъта: «Мæ Фыд æдзух Йæ хъуыддаг кæ-
ны, æмæ Æз дæр кæнын». 18 Уæд иудейæгтæ
ноджы тынгдæр Йæ амарынил архайын
райдыдтой. Уымæн æмæ Уый канд сабаты
æгъдау нæ хæлдта, фæлæ ма Хуыцауы дæр
хуыдта Йæ Фыд æмæ уымæй Йæхи кодта
Хуыцауы æмсæр.

19 Уый фæдыл сын Йесо загъта: «Æцæг цы
у, уый уын зæгъын: Фырт Йæхи фæндæй
ницы саразы, Фыд цы аразы, уый куынæ
уына, уæд: Фыд цыдæриддæр аразы, уый
аразы Фырт дæр.

20 Фыд уарзы Фырты æмæ, Йæхæдæг цыдæ-
риддæр кæны, уый Йын æвдисы. Æмæ Йын
ноджы стырдæр хъуыддæгтæ дæр фенын
кæндзæн, æмæ сымах дисы бафтдзыстут.

21 Фыд мæрдты куыд æгас кæны æмæ сын
цард куыд дæтты, афтæ Фырт дæр цард дæт-
ты, кæмæн Æй фæнды, уыдонæн.

22 Фыд тæрхон дæр никæмæн кæны, фæлæ
тæрхоны бартæ иууылдæр радта Йæ Фырты
къухмæ, 23 цæмæй, Фыды куыд нымайынц,
Фырты дæр афтæ нымайой. Фырты чи нæ
нымайы, уый Йын Йæ рарвитæг Фыды дæр
нæ нымайы.

24 Æцæг цы у, уый уын зæгъын: Мæ ныхас
Мын чи хъусы æмæ, Мæн Чи рарвыста, Ууыл
чи æууæнды, уымæн ис мыггагмæйы цард
æмæ тæрхонгонд нæ уыдзæни — ныридæгæн
мæлæтæй бахызти цардмæ.

25 Æцæг цы у, уый уын зæгъын: æрцæуы
ахæм рæстæг, уæвгæ, цæугæ дæр æркодта,
æмæ мæрдтæ фехъусдзысты Хуыцауы Фырты
хъæлæс, æмæ йæ куы фехъусой, уæд райгас
уыдзысты.

26 Фыд Йæхæдæг цардддæттæг куыд у, афтæ
Йæ Фырты дæр скодта цардддæттæг 27 æмæ
Йын радта тæрхон кæныны бар, уымæн æмæ
Уый у Адæймаджы Фырт.

28 Ма дис кæнут ууыл; уымæн æмæ æрцæуы
уыцы рæстæг, æмæ, ингæнты чидæриддæр
ис, уыдон Ын фехъусдзысты Йæ хъæлæс,
29 æмæ хæрзгæнджытæ райгас уыдзысты
цæрынæн, фыдгæнджытæ та — æфхæрд
баййафынæн.

30 Мæнæн Мæхи фæндæй мæ бон саразын
ницы у. Куыд загъд Мын уыди, афтæ тæрхон
кæнын, æмæ Мæ тæрхон раст у, уымæн æмæ,
Мæхи цы фæнды, уый нæ кæнын, фæлæ, Мæ
Рарвитæджы цы фæнды, уый.

31 Мæхи тыххæй Мæхæдæг куы дзурин,
уæд Мæ ныхас æцæг нæ уаид. 32 Фæлæ Мын
ис æндæр Æвдисæн, æмæ Æз зонын: Мæн
тыххæй цы зæгъы, уый æцæг у. 33 Сымах
арвыстат Иоанnmæ, æмæ уый æцæгады тых-
хæй загъта. 34 Æниу, Мæн адæймаджы æв-
дисæнады сæр нæ хъæуы, фæлæ йæ уымæн
дзурын, цæмæй сымах фервæзат. 35 Иоанн
уыди цырагъ — сыгъди æмæ рухс кодта,
сымах та уыцы цыбыр рæстæг фæндыди
йæ рухсмæ цин кæнын.

36 Мæнæн ис, Иоанн цы загъта, уымæй
тыхджындæр æвдисæйнаг. Мæ Фыд Мын
цы хъуыддæгтæ бафæдзæхста, Æз уыцы
хъуыддæгтæ æххæст кæнын, æмæ уыдон
æвдисæн сты, Мæ Фыд Мæ кæй рарвыста,
уымæн. 37 Мæ рарвитæг Фыд Йæхæдæг æв-
дисæн лæууы Мæн тыххæй. Сымах та Йын
Йæ хъæлæс дæр никуы фехъуыстат æмæ
Йын Йæ цæсгом дæр никуы федтат; 38 æмæ
Йæ ныхас уæ зæрдæты нæй, уымæн æмæ,
Кæй рарвыста, Ууыл не 'ууæндут.

39 Сымах лæмбынæг иртасут Сыгъдæг Фыст,
æмæ йæ фæрцы мыггагмæйы цард райсын
æнхъæл стут, афтæмæй уый та Мæныл дзу-
рæг у. 40 Фæлæ уæ нæ фæнды Мæнмæ æрцæ-
уын æмæ мыггагмæйы цард райсын. 41 Мæн
адæмæй кад нæ хъæуы, 42 уымæн æмæ уæ
зонын: сымах Хуыцауы нæ уарзут. 43 Æз Мæ
Фыды номæй æрцыдтæн, æмæ Мыл не 'ууæн-
дут, фæлæ уæм æндæр исчи йæхи номæй
куы 'рцæуа, уæд уыл та баууæнддзыстут.
44 Æниу Мыл куыд хъуамæ баууæндат, кæд

кæрæдзийæ кадмæ æнхъæлмæ кæсут, иунæг
Хуыцау цы кад дæтты, уымæ та нæ тырнут?
45Афтæ ма банхъæлут, æмæ уæ Æз Мæ
Фыды раз зылын кæндзынæн. Моисей, ныфс-
джын кæмæй стут, уый — уæ зылынгæнæг.
46Уæвгæ, Моисейыл куы æууæндиккат, уæд
Мæныл дæр бауæндыдаиккат, уымæн æмæ
уый Мæн тыххæй фыста. 47Æмæ кæд, Моисей
цы ныффыста, ууыл не 'ууæндут, уæд Мæ
ныхæстыл куыд бауæндздыстут?»

**6** Уый фæстæ Йесо ахызти Галилейы, ома
Тивериадæйы, денджызы иннæ фарсмæ.
2Йæ фæдыл ацыди бирæ адæм, уымæн æмæ
уыдтой, рынчынты дзæбæх кæнгæйæ цы
диссæгтæ арæзта, уый.
3Йесо ссыди хохмæ æмæ Йæ ахуыргæни-
нæгтимæ уым бадти. 4Æрхæстæг ис Куадзæн,
иудейаг бæрæгбон.
5Йесо акаст æмæ, бирæ адæм æрбацæй-
цæугæ куы федта, уæд Филиппæн загъта:
«Сæ бафсадыны фаг кæрдзын кæм балхæ-
нæм?» 6Афтæ дзырдта Филиппы бафæлвары-
ны тыххæй. Йæхæдæг та ныридæгæн зыдта,
цы бакæндзæни, уый. 7Филипп Ын дзуапп
радта: «Цæмæй сæ фæйнæ къæбæры фæуа,
уый тыххæй дыууæсæдæ динары аргъ дæр
кæрдзын не сфаг уыдзæн».
8Йæ ахуыргæнинæгтæй иу, Симон Петры
æфсымæр Андрей, загъта: 9«Ам иу лæппу-
мæ ис фондз хъæбæрхоры кæрдзыны æмæ
дыууæ гыццыл кæсаджы. Фæлæ уый цы фаг
у уый бæрц адæмæн?»
10Æмæ сын уæд Йесо афтæ зæгъы: «Æрба-
дын сæ кæнут». Уыцы ран уыди бирæ кæрдæг.
Æмæ адæм иууылдæр æрбадтысты; æрмæст
нæлгоймæгтæ уыдысты фондз мины бæрц.
11Йесо райста кæрдзынтæ, Хуыцауæн арфæ
ракодта æмæ сæ адæмыл райуæрста. Кæсаг
дæр сын радта, кæй цас хъуыди, уый бæрц.
12Адæм куы бафсæстысты, уæд Йесо Йæ аху-
ыргæнинæгтæн загъта: «Цы къæбæртæ ма
дзы баззад, уыдон æрæмбырд кæнут, куыд
ницы дзы фесæфа, афтæ». 13Æрæмбырд сæ
кодтой æмæ, фондз хъæбæрхоры кæрдзы-
нæй цы баззад, уыдонæй байдзаг кодтой
дыууадæс чыргъæды — хæрды уæлдæйттæ.
14Йесо цы диссаг сарæзта, уый адæм куы
федтой, уæд загътой: «Ай, æцæгæйдæр, ду-
немæ æрцæуинаг Чи у, уыцы Пехуымпар у».
15Йесо базыдта, адæм Æм æрбацæуинаг
кæй сты, уый — паддзахæй Йæ сæвæрын-
мæ, æмæ иунæгæй фæстæмæ хохмæ ссыди.
16Куы баизæр ис, уæд Йæ ахуыргæнинæг-
тæ ныццыдысты денджызмæ, 17сбадтысты
бæлæгъы æмæ араст сты денджызы иннæ
фарсмæ, Капернауммæ. Баталынг ис, фæлæ
Йесо семæ нæма уыд. 18Тыхдымгæ сыстади,
æмæ денджыз абухын райдыдта. 19Фондз
æмæ ссæдз — дæс æмæ ссæдз стадийы бæрц
куы адард сты, уæд Æй суыдтой: Йесо, ден-
джызыл къахæй цæугæйæ, бæлæгъмæ хæс-
тæгæй-хæстæгдæр кодта, æмæ фæтарстысты.
20Фæлæ сын Йесо загъта: «Уый Æз дæн, ма
тæрсут». 21Фæндыди сæ, цæмæй Йæ бæлæгъы
сбадын кæной, фæлæ бæлæгъ тæккæ уыцы
уысм бахæццæ ис, сæ фæндаг кæдæм уыди,
уыцы былгæронмæ.
22Денджызы иннæ былыл чи баззади, уы-
цы адæмæн дыккаг бон сæ зæрдыл æрлæу-
уыд, знон былгæрон иунæг бæлæгъ йед-
дæмæ кæй нæ уыди, уый. Уыдон зыдтой:
Йесо ахуыргæнинæгтимæ уыцы бæлæгъы не
сбадти — иунæгæй аленк кодтой. 23Уалынмæ
Тивериадæйæ æрбацыдысты æндæр бæ-
лæгътæ æмæ, Бардарæджы арфæйы куывды
фæстæ адæм кæрдзын кæм хордтой, уыцы
бынатмæ хæстæг æрлæууыдысты. 24Нæдæр
Йесо, нæдæр Йæ ахуыргæнинæгтæ уым не
сты, адæм уый куы федтой, уæд сбадтысты
бæлæгъты æмæ Йесойы агурæг бахæццæ сты
Капернауммæ. 25Æмæ Йæ денджызы фал-
лаг фарс куы ссардтой, уæд Æй бафарстой:
«Равви, кæд æрбацыдтæ ардæм?» 26Йесо сын
дзуапп радта: «Æцæг цы у, уый уын зæгъын:
диссæгтæ кæй федтат, уый тыххæй Мæ нæ
агурут, фæлæ, кæрдзын кæй бахордтат æмæ
кæй бафсæстыстут, уый тыххæй. 27Сæфгæ цы
хойраг кæны, ууыл ма тыхсут, фæлæ тыхсут,
фесæфæн кæмæн нæй æмæ мыггагмæйы
цард чи дæтты, уыцы хойрагыл. Уый уын
ратдзæнис Адæймаджы Фырт, уымæн æмæ
Йын ахæм бар Фыд Хуыцау радта».
28Уæд Æй бафарстой: «Нæ хъуыддæгтæ
Хуыцауæн фæндон куыд уой, уый тыххæй
нын цы гæнгæ у?» 29Йесо сын дзуапп радта:
«Хуыцау Кæй рарвыста, Ууыл æууæндын —
уый у Хуыцауæн фæндон хъуыддаг».
30Уæд Ын загътой: «Цавæр диссаг нын
равдисдзынæ, цæмæй Дыл, уый фенгæйæ,
бауæндæм? Цы саразын у Дæ бон? 31Зæ-
гъæм, нæ фыдæлтæ æдзæрæг быдыры маннæ
хордтой, фыст куыд у, афтæ: „Уæларвæй сын
дзул радта хæрынæн“». 32Йесо сын загъта:
«Æцæг цы у, уый уын зæгъын: уæларвæй

**6:11** Фæстæдæры къухфыстыты ацы бынат у афтæ: Йесо райс-
та кæрдзынтæ, арфæ ракодта æмæ сæ ахуыргæнинæгтæм
алæвæрдта, уыдон та сæ байуæрстой адæмыл; кæсаг дæр сын
радтой, кæй цас хъуыди, уый бæрц. **6:19** Фондз æмæ ссæдз-
дæс æмæ ссæдз стадийы — 5–6 километры бæрц.

уын дзул Моисей нæ радта, фæлæ уын Мæ
Фыд дæтты æцæг дзул уæларвæй. 33Уымæн
æмæ Хуыцауы дзул, уæларвæй чи æрцæуы
æмæ дунейæн цард чи дætты, уый у». 34Уæд
Ын загътой: «Хицау, алкæддæр нын дæтт
уыцы дзул».

35Йесо сын загъта: «Æз дæн царды дзул.
Мæнмæ æрцæуæг никуы сыстонг уыдзæн
æмæ Мæныл æууæндæг мыггагмæ дæр нал
сдойны уыдзæн. 36Фæлæ ма уын амæй размæ
дæр куы загътон: федтат Мæ, фæлæ Мыл
уæддæр не 'ууæндут. 37Мæ Фыд Мын кæй
дæтты, уыдон Мæм æрбацæудзысты, æмæ,
Мæнмæ чи æрбацæуа, ууыл Æз Мæхи нæ
атигъ кæндзынæн. 38Уымæн æмæ Æз уæ-
ларвæй æрцыдтæн Мæхи цы фæнды, уый
нæ, фæлæ, Мæ Рарвитæджы фæндон æххæст
кæнынмæ. 39Мæ Рарвитæджы та фæнды, цæ-
мæй Мын кæй радта, уыдонæй Æз иуы дæр
ма фесафон, фæлæ се 'ппæты дæр райгас
кæнон Фæстаг бон. 40Уымæн æмæ Мæ Фы-
ды, цæмæй Фырты чидæриддæр уыны æмæ
Йыл æууæнды, уымæн уа мыггагмæйы цард;
æмæ йæ Æз фæстаг бон райгас кæндзынæн».

41Уæд Ыл иудейæгтæ, «Æз уæларвæй æр-
цæуæг дзул дæн» кæй загъта, уый тыххæй
хъуыр-хъуыр кæнын райдыдтой. 42Уыдон
дзырдтой: «Ай Йосифы фырт Йесо нæу, æви?
Йæ фыд æмæ Йын Йæ мады нæ зонæм? Уæд
афтæ куыд зæгъы: „Æз уæларвæй æрцыд-
тæн"?» 43Йесо сын загъта: «Мæсты ма кæнут.
44Мæнмæ æрбацæуын никæй бон у, Мæ рар-
витæг Фыд Мæм æй куынæ æрбакæна, уæд.
Æмæ йæ Æз фæстаг бон райгас кæндзынæн.
45Пехуымпартæм фыст ис: „Æмæ Хуыцау
се 'ппæты дæр сахуыр кæндзæн". Фыдмæ
чи хъусы æмæ Фыд кæй сахуыр кæны, уый
æрбацæуы Мæнмæ. 46Æз афтæ нæ зæгъын,
æмæ Фыды исчи федта. Хуыцауæй Чи у, Фы-
ды æрмæстдæр Уый федта. 47Æцæг цы у, уый
уын зæгъын: Мæныл чи æууæнды, уымæн
ис мыггагмæйы цард.

48Æз дæн царды дзул. 49Уæ фыдæлтæ
æдзæрæг быдыры маннæ хордтой æмæ
уæддæр амардысты. 50Уæларвæй æрцæуæг
дзул та ахæм у, æмæ дзы чи хæра, уымæн
мæлæт нæ уыдзæн. 51Æз дæн цардæттæг
дзул — уæларвæй æрцæуæг. Чи йæ хæра,
уый цæрдзæни мыггагмæ. Æз уын цы дзул
ратдзынæн, уый у, дунейы царды сæрап-
понд нывондæн кæй æрхæсдзынæн, Мæ
уыцы Буар».

52Уæд иудейæгтæ быцæу кæнын райдыд-
той: «Ай нын Йæ Буар куыд ратдзæни хæ-
рынмæ?» 53Йесо сын загъта: «Æцæг цы у,
уый уын зæгъын: Адæймаджы Фырты Буар
куынæ хæрат æмæ Йын Йæ Тугæй куынæ
нуазат, уæд цард нæ фендзыстут. 54Мæ Бу-
ар чи хæры æмæ Мæ Туг чи нуазы, уымæн
ис мыггагмæйы цард, æмæ йæ Æз фæстаг
бон райгас кæндзынæн. 55Уымæн æмæ Мæ
Буар у æцæг хойраг, Мæ Туг та — æцæг нозт.
56Мæ Буар чи хæры æмæ Мæ Туг чи нуазы,
уый баиу ис Мемæ, æмæ Æз баиу дæн йемæ.
57Мæн Мæ цардæгас Фыд куыд рарвыста æмæ
Æз Мæ Фыды фæрцы куыд цæрын, афтæ, Æз
хойраг кæмæн дæн, уый дæр цæрдзæни Мæ
фæрцы. 58Ахæм у уæларвæй æрцæуæг дзул.
Уæ фыдæлтæ хордтой маннæ æмæ уæддæр
амардысты; ацы дзул та ахæм нæу — чи дзы
хæра, уый цæрдзæни мыггагмæ».

59Йесо уыдæттæ дзырдта, Капернаумы
синагогæйы куы амыдта, уæд.

60Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ, уыцы
ныхæстæ фехъусгæйæ, дзырдтой: «Цы æна-
хуыр ныхæстæ кæны! Уыдæттæм хъусын кæй
бон у?» 61Йесо зыдта, ахуыргæнинæгтæ, Йæ
ныхæстæм хъусгæйæ, сæхинымæр хъуыр-
хъуыр кæй кæнынц, уый æмæ сæ бафарста:
«Уый уæ къуылымпы кæны? 62Æмæ Адæй-
маджы Фырты, раздæр кæм уыди, уырдæм
ссæугæ куы фенат, уæд та? 63Хуыцауы Уд
цардæттæг у, адæймаг та æдых у. Æз уын
цы ныхæстæ дзурын, уыдоны цардæттæг
Уды хъару ис. 64Фæлæ уæддæр сымахæй
чидæртæ не 'ууæндынц». Йесо райдианæй
зыдта, Чи Йыл не 'ууæнды, уыдоны, стæй
Йыл гадзрахатæй чи рацæудзæни, уый дæр.
65Æмæ дарддæр кодта Йæ ныхас: «Æз уын
уый тыххæй загътон, Мæнмæ æрбацæуын
никæй бон у, Мæ Фыдæй йын лæвæрд куынæ
уа, уæд, зæгъгæ».

66Йæ ахуыргæнинæгтæй Йæ бирæтæ уæ-
дæй фæстæмæ ныууагътой æмæ Йемæ нал
цыдысты. 67Уæд Йесо бафарста дыууадæсы:
«Кæд, мыййаг, сымах дæр Мæн ныууадзын
фæнды?» 68Симон Петр Ын дзуапп радта:
«Хицау, кæмæ хъуамæ фæцæуæм? Дæумæ
куы сты мыггагмæйы цардæттæг ныхæс-
тæ. 69Мах бауырныдта æмæ базыдтам, Ды
Хуыцауы Сыгъдæг кæй дæ, уый». 70Йесо сын
загъта: «Уæ дыууадæсы дæр Æз нæ равзæрс-
тон, æви? Фæлæ уæ иу хæйрæг у». 71Йесо
афтæ Иудæйæ, Симон Искариоты фыртæй,
загъта. Уымæн æмæ Йыл Иудæ, дыууадæс
ахуыргæнинагæй иу, фæстæдæр гадзраха-
тæй рацыди.

**6:69** Фæстæдæры къухфыстыты ацы бынат у афтæ: Мах ба-
уырныдта æмæ базыдтам, Ды Чырысти кæй дæ, уый, цардæгас
Хуыцауы Фырт.

**7** Уый фæстæ Йесо зылди Галилейыл, Иу-
дейыл та Йæ нæ фæндыди цæуын, уымæн
æмæ Йæ иудейæгтæ хъавыдысты амарынмæ.
2Ærхæстæг ис иудейаг бæрæгбон — Хала-
гъудты бæрæгбон. 3Уæд Йесойæн Йе ’фсы-
мæртæ загътой: «Ам мауал лæууу, Иудеймæ
ацу. Уадз æмæ Дæ ахуыргæнинæгтæ дæр,
Ды цы хъуыддæгтæ аразыс, уый сæхи цæс-
тæй феной. 4Номдзыд уæвын кæй фæнды,
уый сусæгæй ницы аразы. Кæд Ды ахæм
хъуыддæгтæ кæныс, уæд Дæхи равдис ду-
немæ». 5Суанг ма Йыл Йе ’фсымæртæ дæр
не ’ууæндыдысты.
6Йесо сын загъта: «Мæ рæстæг нæма æр-
цыд, сымахæн та алы афон дæр бæззы. 7Сы-
махæй йе сæфт уынын дунейæн йæ бон нæу,
Мæнæй та йе сæфт уыны, уымæн æмæ Æз
дæн æвдисæн, йæ хъуыддæгтæ хæрам кæй
сты, уымæн. 8Сымах ацæут ацы бæрæгбон-
мæ, Æз та нæма цæуын, уымæн æмæ Мæ
рæстæг нæма æрцыд».
9Уыцы ныхæстæ зæгъыны фæстæ Йесо
баззади Галилейы.
10Фæлæ Йе ’фсымæртæ куы ацыдысты, уæд
Уый дæр араст ис уырдæм, æрмæст æргомæй
нæ — куыд ничи Йæ базыдтаид, афтæ.
11Иудейæгтæ Йæ агуырдтой бæрæгбоны
æмæ фарстой: «Кæм ис уыцы Адæймаг?»
12Йесойы тыххæй адæм сусæгæй алы ныхас
кодтой. Иутæ дзырдтой: «Хорз адæймаг у».
Иннæтæ та: «Нæ, Уый адæмыл сайдæй цæ-
уы». 13Æниу, иудейæгтæй тæрсгæйæ, Йесойы
тыххæй æргомæй ничи ницы дзырдта.
14Бæрæгбон йе ’мбисыл куы уыди, уæд
Йесо бацыди Кувæндонмæ æмæ адæмы
ахуыр кæнын райдыдта. 15Иудейæгтæ дис
кодтой æмæ дзырдтой: «Ахуыр куы никуы
кодта, уæд Сыгъдæг Фыст куыд хорз зоны?»
16Йесо сын дзуапп радта: «Æз цæуыл ахуыр
кæнын, уый Мæхицæй нæу, фæлæ Мæ Рар-
витæгæй. 17Хуыцауы фæндон æххæст кæнын
кæй фæнды, уый базондзæн, ацы ахуырад
Хуыцауæй у æви йæ Æз Мæхи номæй дзурын,
уый. 18Йæхи номæй дзурæг йæхи кадмæ
бæллы. Йæ Рарвитæджы скадджын кæнын
Кæй фæнды, Уый та, æцæг цы у, уый дзу-
ры — мæнгдзинад Æм нæй.
19Моисей уын Æгъдау нæ радта, æви? Фæ-
лæ уыцы Æгъдауы домæнтæ сымахæй ни-
чи æххæст кæны. Цæй тыххæй Мæ хъавут
амарынмæ?»
20Адæм ын загътой: «Хæйрæдджджын дæ?
Чи Дæ хъавы амарынмæ?» 21Йесо та сын загъ-
та: «Æз æрмæст иу хъуыддаг сарæзтон, æмæ
уе ’ппæт дæр дисы бафтыдыстут. 22Моисей
уын радта сунæты æгъдау, — æниу, уый
Моисейæ нæ, — уæ рагфыдæлтæй уын баз-
зад — æмæ адæймагæн сабаты сунæт скæнут.
23Æмæ кæд Моисейы Æгъдау ма фехалыны
тыххæй адæймагæн сабаты сунæт кæнынц,
уæд Æз рынчыны къахæй сæрмæ сабаты кæй
сдзæбæх кодтон, уый тыххæй Мæм цæмæн
смæсты стут? 24Æдде цы зыны, уымæ ма
кæсут, фæлæ кæнут æнæхæрам тæрхон».
25Йерусалимы цæрджытæй иуæй-иутæ
дзырдтой: «Ай, марынмæ кæй агурынц, уы-
цы адæймаг нæу? 26Мæнæ æргомæй адæми-
мæ ныхас кæны, æмæ Йын ничи ницы зæгъы.
Кæд, мыййаг, хицæуттæ бæлвырд базыдтой,
Чырысти кæй у, уый? 27Фæлæ, кæцæй у, уый
мах зонæм. Чырысти та, куы ’рцæуа, уæд,
кæцæй у, уый ничи зондзæни».
28Уæд Йесо, Кувæндоны амонгæйæ, хъæ-
рæй загъта: «Зонут Мæ уæдæ, нæ? Æмæ су-
анг, кæцæй дæн, уый дæр зонут? Æз Мæхи
номæй не ’рцыдтæн — æууæндæн Кæуыл
ис, Уый Мæ рарвыста, фæлæ Йæ сымах нæ
зонут. 29Æз та Йæ зонын, уымæн æмæ Æз
Уымæй æрцыдтæн æмæ Мæ Уый рарвыста».
30Уыдон Æй хъавыдысты æрцахсынмæ,
фæлæ Йæм никæй къух баххæссыди, уымæн
æмæ Йæ рæстæг нæма æрцыд. 31Адæмæй
Йыл бирæтæ бауæндыдысты æмæ дзырд-
той: «Цымæ, Чырысти куы ’рцæуа, уæд, ацы
Адæймаг цы диссæгтæ равдыста, уыдонæй
фылдæр равдисдзæн?»
32Адæмы æхсæн Йесойы тыххæй цы ны-
хæстæ цæуы, уый фарисейтæ фехъуыстой.
Æмæ уæд алчертæ æмæ фарисейтæ Кувæн-
дон хъахъхъæнджыты арвыстой, цæмæй
Йæ æрцахсой.
33Йесо загъта: «Æз бирæ нал уыдзынæн уе-
мæ — Мæ Рарвитæгмæ ацæудзынæн. 34Агур-
дзыстут ма Мæ æмæ Мæ не ссардзыстут,
æмæ, Æз кæм уон, сымахæн уырдæм бацæ-
уын уæ бон нæ бауыдзæн».
35Иудейæгтæ сæ кæрæдзийæн дзырдтой:
«Уагæр кæдæм у цæуинаг, мах Æй кæм не
ссардзыстæм? Кæд, мыййаг, бердзенæгты
’хсæн дзуттæгтæ кæм цæрынц, уырдæм цæ-
уынвæнд кæны, цæмæй уым бердзенæгты
ахуыр кæна? 36Цы амонынц Йæ ацы ны-
хæстæ: „Агурдзыстут ма Мæ æмæ Мæ не

**7:2** Халагъудты бæрæгбон бæрæг кодтой фæззæджы, тыл-
лæг бафснайыны фæстæ. Бæрæгбоны рæстæджы (авд боны)
дзуттæгтæ хъуамæ цардаиккой бæласы къалиутæй арæзт
халагъудты, Моисейы заманы сæ фыдæлтæ æдзæрæг быдыры
халагъудты кæй цардысты, уый мысынæн. **7:7** Ацы ран, стæй
Иоанны Евангелийы æндæр бынæтты «дуне» арæх нысан кæ-
ны тæригъæдджын адæмы, хæйрæджы дæлбар чи ис, уыдоны.

ссардзыстут“ æмæ ноджы: „Æз кæм уон,
сымахæн уырдæм бацæуын уæ бон нæ
бауыдзæн“?»
37Бæрæгбоны фæстаг æмæ æппæты ахс-
джиагдæр бон Йесо сыстад æмæ хъæрæй
загъта: «Дойны кæмæн у, уый Мæм æрбацæ-
уæд æмæ бануазæд. 38Мæныл чи æууæнды,
уымæн, Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ йæ
зæрдæйæ раивылдзысты царддæттæг цæу-
гæдæттæ». 39Йесо афтæ Сыгъдæг Уды, — чи
Йыл æууæнды, уыдон Кæмæй хъуамæ схай-
джын уыдаиккой, — Уый тыххæй загъта. Уæд
нырма Сыгъдæг Удæй нæма схайджын сты,
уымæн æмæ Йесойы кад нæма раргом ис.
40Адæм ацы ныхæстæ куы фехъуыстой,
уæд иутæ дзырдтой: «Уый, æнæмæнг, пеху-
ымпар у». 41Иннæтæ: «Уый Чырысти у». Ан-
нæтæ та: «Æмæ Чырысти, мыййаг, Галилейæ
æрцæудзæн? 42Сыгъдæг Фысты афтæ загъд
нæй, Чырысти Давиды байзæддаг уыдзæн
æмæ, Давид кæм царди, уыцы хъæуæй, Виф-
леемæй, æрцæудзæн, зæгъгæ?»
43Йесойы тыххæй адæммæ иу хъуыды нал
уыд. 44Чидæртæ Йæ хъавыдысты æрцах-
сынмæ, фæлæ Йæм никæй къух баххæссыд.
45Хъахъхъæнджытæ куы æрбаздæхтысты,
уæд сæ алчертæ æмæ фарисейтæ бафарстой:
«Цæуылнæ Йæ æрбакодтат?» 46Хъахъхъæн-
джытæ сын дзуапп радтой: «Уыцы Адæймаг
куыд ныхас кæны, афтæ никуы ничи дзырд-
та». 47Фарисейтæ сын загътой: «Ау, сымах
дæр афæлывта? 48Хицæуттæй кæнæ Йыл
фарисейтæй исчи бауæндыди, мыййаг?
49Ацы æнæфенд адæм та Моисейы Æгъдауæн
ницы зонынц, æлгъыст сты».
50Фарисейтæй иу, Никодим, зæгъгæ, кæд-
дæр Йесомæ чи бацыди, уый сын загъта:
51«Не 'Гъдау, адæймагæн йæхимæ ма байхъус
æмæ, цы гæнæг у, уый ма базон, афтæмæй
йын тæрхон кæнын амоны, æви?» 52Уый
тыххæй йын загътой: «Ды дæр Галилейæ
дæ? Æркæс Фыстмæ æмæ фендзынæ, Гали-
лейæ пехуымпар кæй нæ рацæудзæн, уый».
53[Æмæ иууылдæр сæ хæдзæрттæм
ацыдысты.]

**8** Йесо та Елеоны хохмæ ссыди. 2Фæлæ рай-
сомæй раджы ногæй Кувæндонмæ æрыздæхт,
æмæ адæм иууылдæр цыдысты Уымæ. Уый
æрбадт æмæ сын амонын райдыдта. 3Уæд
динамонджытæ æмæ фарисейтæ æрбакод-
той, хæзгулимæ кæй баййæфтæуыд, ахæм
сылгоймаджы. Æрлæууын æй кодтой адæмы
раз 4æмæ Йесомæ дзурынц: «Ахуыргæнæг,
ацы сылгоймаджы баййæфтой хæзгулимæ.
5Моисейы Æгъдаумæ гæсгæ, ахæмты дурты
бын фæкæнын хъæуы. Ды та цы зæгъдзынæ?»
6Афтæ Йæ барæй фарстой, цæмæй исты зæ-
гъа æмæ Йæ фæзылынджын кæной. Фæлæ
Йесо æргуыбыр кодта æмæ Йе 'нгуылдзæй
зæххыл цыдæртæ фыста. 7Куы нал æмæ Йæ
куынæуал уагътой, уæд сæм скаст æмæ сын
загъта: «Æнæтæригъæд уæ чи у, уый йыл дур
фыццаг фехсæд». 8Æмæ та ногæй æргуыбыр
кодта зæхмæ æмæ дарддæр цыдæртæ фыста.
9Уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой, уæд сын
се 'фсарм тæрхон кæнын райдыдта æмæ ку-
ыд хистæрæй иу иннæйы фæдыл уырдыгæй
сæхи айстой. Фæстагмæ ма дзы баззадысты
æрмæстдæр Йесо æмæ уыцы сылгоймаг.
10Уæд Йесо Йæ сæрыл схæцыд æмæ сыл-
гоймаджы бафарста: «Хорз ус, уыцы адæм
цы фесты? Тæрхон дын сæ ничи рахаста?»
11Уый дзуапп радта: «Ничи, ме 'лдар!» Йесо
йын загъта: «Æз дæр дын нæ тæрхон кæ-
нын. Ацу æмæ нырæй фæстæмæ тæригъæд
мауал ракæн».
12Йесо дарддæр адæмæн дзырдта: «Æз ду-
нейæн рухс дæн. Мæ фæдыл чи рацæуа, уый
талынджы нæ цæудзæни, фæлæ схайджын
уыдзæн царды рухсæй». 13Уæд Ын фари-
сейтæ загътой: «Дæхи тыххæй Дæхæдæг
дзурыс, æмæ Дæ ныхас æцæг нæу». 14Йесо
сын дзуапп радта: «Кæд Æз Мæхи тыххæй
Мæхæдæг дзурын, уæддæр Мæ ныхас æцæг
у, уымæн æмæ Æз, кæцæй æрцыдтæн æмæ
кæдæм цæуын, уый зонын. Сымах та йæ
нæ зонут, кæцæй æрцыдтæн æмæ кæдæм
цæуын, уый. 15Сымах тæрхон кæнут адæй-
маджы цæстæй кæсгæйæ, Æз та тæрхон ни-
кæмæн кæнын. 16Стæй Æз тæрхон куы кæнон,
уæддæр Мæ тæрхон раст у, уымæн æмæ Æз
иунæг нæ дæн — Мæ рарвитæг Фыд Мемæ
ис. 17Уе 'Гъдауы дæр афтæ фыст ис, дыу-
уæ адæймаджы æвдисæнад раст у, зæгъгæ.
18Æз Мæхи тыххæй æвдисæн лæууын, æмæ
Мæн тыххæй æвдисæн лæууы Мæ рарвитæг
Фыд дæр». 19Уæд Æй бафарстой: «Кæм ис
Дæ Фыд?» Йесо сын дзуапп радта: «Сымах
нæдæр Мæн зонут, нæдæр Мæ Фыды. Мæн
куы зониккат, уæд Мæ Фыды дæр зониккат».
20Йесо ацы ныхæстæ загъта, Кувæндоны
хæзнадоны цур куы амыдта, уæд. Фæлæ
Йæ ничи æрцахста, уымæн æмæ Йæ рæстæг
нæма æрцыд.
21Æмæ та сын Йесо ногæй загъта: «Æз
цæугæ кæнын. Агурдзыстут ма Мæ, фæлæ

**7:40** Ам ныхас цæуы, уæды заманы иудейæгтæ кæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы пехуымпарыл.

уæ тæригъæды амæлдзыстут. Æз кæдæм
цæуын, сымахæн уырдæм бацæуын уæ бон
нæ бауыдзæн». 22 Уæд иудейæгтæ кæрæ-
дзийæн дзырдтой: «Йæхи марынмæ хъæвы,
æви? Афтæ куы зæгъы: „Æз кæдæм цæуын,
сымахæн уырдæм бацæуын уæ бон нæ ба-
уыдзæн“?» 23 Йесо сын загъта: «Сымах ацы
зæххæй стут, Æз та — уæларвæй. Сымах стут
ацы дунейæ, Æз та ацы дунейæ нæ дæн. 24 Æз
уын уымæ гæсгæ загътон, сымах уæ тæри-
гъæдты амæлдзыстут, зæгъгæ. Уымæн æмæ
ÆЗ ДÆН, æмæ ууыл куынæ бауæндат, уæд
уæ тæригъæдты амæлдзыстут». 25 Уæд Æй
бафарстой: «Ды чи дæ?» Йесо сын загъта: «Æз
Чи дæн, уый тыххæй уын райдианæй дзурын.
26 Мæ бон у сымах тыххæй бирæ цыдæртæ
зæгъын æмæ уын стæрхон кæнын. Фæлæ
Мæ Рарвитæг æцæгдзинад дзуры, æмæ Æз,
Уымæй цы фехъуыстон, æрмæстдæр уый
дзурын дунейæн».

27 Йæ Фыды тыххæй сын кæй дзуры, уый
нæ бамбæрстой. 28 Уæд сын Йесо загъта:
«Адæймаджы Фырты уæлæмæ куы сисат,
уæд базондзыстут: уый Æз дæн æмæ Мæхи
номæй ницы кæнын, фæлæ зæгъын, Мæ Фыд
Мын цы бацамыдта, уый. 29 Мæ Рарвитæг Ме-
мæ ис, иунæгæй Мæ нæ ныууагъта, уымæн
æмæ Йын фæндон цы у, Æз кæддæриддæр
уый кæнын».

30 Йесо уыдæттæ куы дзырдта, уæд Ыл
бирæтæ баууæндыдысты.

31 Иудейæгтæй Йыл чи баууæндыд, уыдо-
нæн Йесо загъта: «Мæ ныхасмæ гæсгæ куы
цæрат, уæд æцæгæйдæр Мæ ахуыргæнинæг-
тæ уыдзыстут 32 æмæ базондзыстут æцæгад,
æмæ уæ æцæгад ссæрибар кæндзæн». 33 Загъ-
той йын: «Мах Авраамы байзæддæгтæ стæм
æмæ никуы никæй цагъартæ уыдыстæм.
Уæд нын Ды афтæ куыд зæгъыс: „Ссæри-
бар уыдзыстут“?» 34 Йесо сын дзуапп радта:
«Æцæг цы у, уый уын зæгъын: тæригъæды
чи цæуы, уый тæригъæды цагъар у. 35 Цагъар
та йæ хицауы хæдзары мыггагмæ нæ цæры,
фырт дзы цæры мыггагмæ. 36 Уæдæ уæ Фырт
куы ссæрибар кæна, уæд æцæг сæрибар уы-
дзыстут. 37 Авраамы байзæддæгтæ кæй стут,
Æз уый зонын, фæлæ Мæ уæддæр хъæвут
амарынмæ, уымæн æмæ уæм Мæ ныхас нæ
хъары. 38 Æз уын, Мæ Фыдмæ цы федтон,
уый тыххæй дзурын, сымах та кæнут, уæ
фыдæй цы фехъуыстат, уый».

39 Уыдон ын дзуапп радтой: «Нæ фыд Ав-
раам у». Йесо сын загъта: «Сымах Авраамы
цот куы уаиккат, уæд Авраамы хъуыддæгтæ
кæниккат. 40 Сымах та Мæн — Хуыцауæй
æцæгдзинад Чи фехъуыста æмæ уын æй Чи
загъта, уыцы Адæймаджы — амарынмæ хъæ-
вут! Авраам афтæ нæ кодта. 41 Фæлæ сымах
уæ фыды хъуыддæгтæ кæнут».

Уыдон Ын загътой: «Мах дзæгъæлзад не
стæм. Иу Фыд нын ис — Хуыцау». 42 Йесо
сын загъта: «Хуыцау уæ Фыд куы уаид, уæд
Мæ уарзиккат, уымæн æмæ Æз рацыдтæн
Хуыцауæй æмæ уæм æрцыдтæн. Æз Мæхи
номæй не ’рцыдтæн, фæлæ Мæ Уый рарвыс-
та. 43 Цы дзурын, уый цæуылнæ æмбарут?
Уымæн æмæ сымах Мæ ныхæстæм хъусын
нæ фæразут.

44 Уæ фыд хæйрæг у, æмæ, уæ фыды зæрдæ
цы зæгъы, уый кæнын уæ фæнды. Уый рай-
дианæй уыди лæгмар, æмæ йын æцæгадимæ
иумæйагæй ницы ис, уымæн æмæ йæм нæй
æцæгад. Уый мæнг куы фæзæгъы, уæд йæ
кæнон кæны, уымæн æмæ у мæнгард æмæ
мæнгдзинады фыд. 45 Мæныл та не ’ууæндут,
æцæг цы у, уый уын кæй зæгъын, уый тых-
хæй. 46 Сымахæй Мын Мæ цæстмæ тæригъæд
чи бадардзæн? Фæлæ кæд Æз æцæг зæгъын,
уæд Мыл цæуылнæ æууæндут? 47 Хуыцауæй
чи у, уый Хуыцауы ныхæстæм хъусы, фæлæ
сымах Хуыцауæй не стут æмæ Йын Йæ ны-
хæстæм нæ хъусут».

48 Иудейæгтæ Йын загътой: «Уæдæ Дæ мах
самариаг æмæ хæйрæджыты сайд дзæгъæлы
хонæм?» 49 Йесо сын дзуапп радта: «Мæнмæ
хæйрæг ницы бар дары. Æз Мæ Фыды ны-
майын, сымах та Мæ æгад кæнут. 50 Уæвгæ,
Æз Мæхицæн кад нæ агурын, фæлæ Мын
кад Чи агуры, Уый у Тæрхонгæнæг. 51 Æцæг
цы у, уый уын зæгъын: Мæ ныхас Мын чи
сæххæст кæна, уый мæлæт никуы фендзæн».

52 Иудейæгтæ Йын загътой: «Ныр мах бæл-
вырд зонæм, Ды хæйрæджы ахæсты кæй дæ,
уый. Суанг ма Авраам æмæ пехуымпартæ
дæр куы амардысты, уæд Ды афтæ куыд
зæгъыс, Мæ ныхас Мын чи сæххæст кæна,
уый мæлæт никуы фендзæн, зæгъгæ? 53 Ау,
нæ фыдæл Авраам дæр ма куы амард, уæд
Ды уымæй уæлдæр дæ? Пехуымпартæ дæр
куы амардысты, уæд Ды Дæхи кæуыл ныма-
йыс?» 54 Йесо сын дзуапп радта: «Кæд Мæхæ-
дæг Мæхицæн дæн кадгæнæг, уæд Мæ кад

**8:24** ÆЗ ДÆН (стæй 8:28, 58; 13:19), дзуттагау «Эхйе» – Хуыцауы ном, раргом ис Моисейæн (Рац 3:13-14). Уый амоны, иунæг Хуыцауы йеддæмæ кæй нæй æндæр Хуыцау; Уымæн нæй райдайæн æмæ кæрон, Йе ’рдзыхъæд нæ ивы, алкæмæн дæр у царддæттæг. Зæгъæн ис, æмæ дзырд «Эхйе»-йæ рацыди Хуыцауы ном, дзуттагау «ЙХВХ» кæй фыстой, уый (дзургæ та йæ, æвæццæгæн, кодтой «Йахве»; фæстæдæр æй Европæйы ахуыргæндтæ рæдыдæй дзурын райдыдтой «Йегъовæ»).
**8:51** Ацы ран Йесо кæны монон мæлæты кой.

ницы у. Фæлæ сымах уæ Хуыцау Кæй хонут,
Уый Мæнæн у Мæ Фыд æмæ Мæ Кадгæнæг.
55Сымах Æй нæ базыдтат, Æз та Йæ зонын.
Æмæ Йæ нæ зонын, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд
сымахау фæлитой уыдзынæн. Фæлæ Йæ Æз
зонын æмæ Йын Йæ ныхас æххæст кæнын.
56Уæ фыдæл Авраам цин кодта, Ме ’рцыды
бон Мын кæй фендзæнис, ууыл. Федта йæ,
æмæ уыди амондджын».

57Уæд Æй иудейæгтæ бафарстой: «Дæуыл
дæс æмæ дыууиссæдз азы дæр куы нæма
цæуы, уæд Авраамы федтай?» 58Йесо сын
загъта: «Æцæг цы у, уый уын зæгъын: Ав-
раамы райгуырды размæ дæр ÆЗ УЫДТÆН
æмæ ДÆН». 59Уæд уыдон дуртæ фелвæстой,
цæмæй Йыл сæ фехсой, фæлæ Йесо фæаууон
ис æмæ рацыди Кувæндонæй.

**9** Йесо фæцæйцыд æмæ федта, æрдзæй
куырм чи уыди, ахæм адæймаджы. 2Йæ
ахуыргæнинæгтæ Йæ бафарстой: «Равви,
куырмæй цæмæн райгуырд? Йæхæдæг у
тæригъæдджын æви йæ ныййарджытæ?»
3Йесо сын дзуапп радта: «Нæдæр йæхæдæг
тæригъæд ракодта, нæдæр йæ ныййарджытæ,
фæлæ куырм у Хуыцауы хъару йыл равдисы-
ны тыххæй. 4Цалынмæ бон у, уæдмæ хъуамæ
аразон, Чи Мæ рарвыста, Уый хъуыддæгтæ.
Тагъд ралæудзæн æхсæв, æмæ уæд ничиуал
ницы сараздзæн. 5Цалынмæ Æз дунейы дæн,
уæдмæ Æз дунейæн дæн рухс».

6Афтæ зæгъыны фæстæ æрту кодта зæхмæ,
сыджыт йæ сæтимæ азмæста, куырмы цæс-
тытæ дзы айсæрста 7æмæ йын загъта: «Ацу
æмæ дæ цæсгом Силоамы найæны цæхс».
(«Силоам» нысан кæны «æрвыст».) Уый ацыд,
йæхи цæхсадта æмæ фæстæмæ, йæ цæстæй
ракаст, афтæмæй æрбаздæхти.

8Йæ сыхæгтæ, стæй йæ раздæр мæгуыргу-
рæй чи уыдта, уыдон дзырдтой: «Ам-иу чи
бадти, уыцы мæгуыргур нæу, æви?» 9Иннæтæ
дзырдтой: «Уый у». Аннæтæ та: «Нæу, фæлæ
уый хуызæн у». Йæхæдæг та-иу загъта: «Уый
æз дæн». 10Уæд æй фарстой: «Цæстæй куыд
ракастæ?» 11Уый сын дзуапп лæвæрдта: «Йесо
Кæй хонынц, Уый сыджыт сæтимæ сызмæс-
та, мæ цæстытæ мын дзы байсæрста æмæ
мын загъта: „Ацу Силоамы найæнмæ æмæ
дæхи цæхс“. Æз ацыдтæн, мæхи цæхсадтон
æмæ цæстæй ракастæн». 12Бафарстой йæ:
«Кæм ис уыцы Адæймаг?» Уый сын дзуапп
радта: «Нæ зонын».

13Уæд раздæры куырмы фарисейтæм акод-
той. 14Йесо сыджыт куы сызмæста æмæ йæ
цæстæй куы ракæсын кодта, уæд уыди сабат.
15Цæстæй куыд ракасти, уымæй йæ фарисей-
тæ дæр бафарстой. Уый сын загъта: «Уыцы
Адæймаг мын сыджыты змæст æрæвæрдта
мæ цæстытыл, æз мæхи цæхсадтон æмæ
уынын райдыдтон». 16Уæд фарисейтæй иу-
тæ загътой: «Уыцы Адæймаг Хуыцауæй нæу,
уымæн æмæ сабаты æгъдау халы». Иннæтæ
та дзырдтой: «Тæригъæдджын адæймагæн
йæ бон куыд у ахæм диссæгтæ аразын?»
Æмæ сæм иу хъуыды нал уыд. 17Уæд та ногæй
фæрсынц куырмы: «Ды та уыцы Адæйма-
джы тыххæй цы зæгъдзынæ? Цæстæй дæ
куы ракæсын кодта». Уый сын дзуапп радта:
«Пехуымпар у».

18Фæлæ куырм кæй уыд æмæ цæстæй кæй
ракаст, уый уæддæр иудейæгты нæ уырныд-
та. Йæ ныййарджытæм ын фæсидтысты
19æмæ сæ бафарстой: «Ай уæ фырт у? Афтæ
зæгъут, куырмæй райгуырд? Æмæ уæдæ ныр
цæстæй куыд ракаст?» 20Уыдон сын дзуапп
радтой: «Нæ фырт кæй у æмæ æрдзæй куырм
кæй рахаста, уый зонæм. 21Цæстæй куыд
ракаст æмæ йын йæ цæстытæ чи байгом
кодта, уый та нæ зонæм. Йæхи йын бафæр-
сут, сывæллон нал у, йæхæдæг зæгъæд йæхи
тыххæй».

22Йæ ныййарджытæ иудейæгтæй тарстыс-
ты æмæ ахæм дзуапп уымæн радтой, уымæн
æмæ иудейæгты уынаффæмæ гæсгæ, Йесойы
æргомæй Чырыстийыл чи банымайа, уый
хъуамæ синагогæйæ тард æрцыдаид. 23Гъе
уымæ гæсгæ загътой йæ ныййарджытæ:
«Сывæллон нал у, йæхи йын бафæрсут».

24Æмæ та уæд дыккаг хатт фæдзырдтой
раздæры куырммæ æмæ дзы домдтой: «Раст
зæгъ Хуыцауы раз. Мах зонæм, уыцы Адæй-
маг тæригъæдджын кæй у, уый». 25Уый сын
загъта: «Тæригъæдджын у æви нæ, уымæн æз
ницы зонын. Æз иу хъуыддаг зонын — уыд-
тæн куырм, ныр та уынын». 26Ногæй та йæ
бафарстой: «Уыцы Адæймаг дын цы бакодта?
Цæстæй дæ цы амалæй ракæсын кодта?»
27Дзуапп сын радта: «Æз уын æй загътон,
фæлæ мæм сымах нæ хъуыстат. Уымæ ма
уæ дыккаг хатт хъусын цæй тыххæй фæн-
ды? Æви сымах дæр Йæ ахуыргæнинæгтæ
суæвынмæ хъавут?»

28Уыдон æй æфхæрын райдыдтой æмæ
йын загътой: «Уый ды дæ Йæ ахуыргæнинаг,
мах та Моисейы ахуыргæнинæгтæ стæм.
29Моисеимæ Хуыцау кæй ныхас кодта, уый
мах зонæм, фæлæ Ай кæцæй у, уымæн ницы
зонæм». 30Уыцы лæг та сын загъта: «Диссаг
дæр уый у, æмæ кæцæй у, уый нæ зонут,
афтæмæй мæн та цæстæй ракæсын кодта.

31Фæлæ мах зонæм, Хуыцау тæригъæдджын-
тæм кæй нæ хъусы, уый. Чи Йæ нымайы æмæ
Йын Йæ фæндон чи æххæст кæны, Хуыцау
уымæ хъусы. 32Незамантæй нырмæ, æрдзæй
куырмы исчи цæстæй ракæсын кодта, зæгъ-
гæ, ахæм диссаг ничима фехъуыста. 33Уый
Хуыцауæй куы нæ уаид, уæд Ын ницы æнты-
сид». 34Уыдон ын загътой: «Сæрæй къæхтæм
тæригъæдджынæй куы райгуырдтæ, уæд
ды мах ахуыр кæныс?» Æмæ йæ ратардтой.

35Кæй йæ ратардтой, уый Йесо куы фе-
хъуыста, уæд æй ссардта æмæ йын загъта:
«Хуыцауы Фыртыл æууæндыс?» 36Уый дзу-
апп радта: «Уый та чи у, Хицау? Зæгъ мын
æй, æмæ Йыл бауууæндон». 37Йесо йын загъ-
та: «Уынгæ дæр Æй фæкодтай, æмæ ныхас
дæр Уый кæны демæ». 38Уæд уый загъта:
«Æууæндын, Хицау!» — æмæ Йæ разы йæ
зонгуытыл æрхауди.

39Йесо йын загъта: «Æз ацы дунемæ тæр-
хон кæнынмæ æрцыдтæн, цæмæй куыр-
мытæ цæстæй ракæсой, цæстджынтæ та
бакуырм уой».

40Фарисейтæй уым Йæ разы чи уыди, уы-
дон уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой, уæд Æй
бафарстой: «Ау, мах дæр куырмытæ стæм?»
41Йесо сын загъта: «Куырм куы уаиккат, уæд
уыл тæригъæд нæ уаид. Фæлæ уæхи цæст-
джынтыл кæй нымайут, уымæ гæсгæ сыма-
хыл нырма дæр ис тæригъæд».

**10** «Æцæг цы у, уый уын зæгъын: уæтæрмæ
дуарыл нæ, фæлæ йæм æндæр искæуыл-
ты чи бахизы, уый давæг æмæ абырæг у.
2Дуарыл бацæуæг та фыстæн сæ фыййау у.
3Дуаргæс ын бакæны дуар, æмæ йын фыстæ
хъусынц йæ хъæлæс. Уый йæ фыстæм дзу-
ры сæ нæмттæй æмæ сæ ракæны æддæмæ.
4Æмæ Йæ фысты иууылдæр æддæмæ куы
ракæны, уæд фæцæуы сæ разæй, уыдон та
цæуынц йæ фæдыл, уымæн æмæ йын йæ
хъæлæс зонынц. 5Æцæгæлоны фæдыл та нæ
цæуынц, фæлæ дзы лидзынц, уымæн æмæ
йын йæ хъæлæс нæ зонынц».

6Йесо сын ракодта ацы фæсномыг ныхас.
Фæлæ сын æй цæй тыххæй æрхаста, уый нæ
бамбæрстой.

7Уæд сын Йесо ноджыдæр загъта: «Æцæг
цы у, уый уын зæгъын: Æз дуар дæн фыс-
тæн. 8Мæ размæ-иу сæм чи æрцыди, уыдон
иууылдæр давджытæ æмæ абырджытæ уы-
дысты, фæлæ сæм фыстæ нæ байхъуыстой.
9Æз дæн дуар. Мæн уылты чи бацæуа, уый
фервæздзæн — æдæрсгæ бацæуодзæни ми-
дæмæ, рацæудзæн æддæмæ æмæ хизæнуат
ссардзæни. 10Давæг æрмæстдæр давынмæ,
марынмæ æмæ бабын кæнынмæ фæцæуы.
Æз та æрцыдтæн алцæмæй дæр æххæст цард
раттынмæ.

11Æз дæн хорз фыййау; хорз фыййау йæ
цард ратты йæ фысты сæраппонд. 12Æхху-
ырст та фыййау нæу, уымæн фыстæ йæхи не
сты; бирæгъы куы фены, уæд сæ фæуадзы
æмæ лидзынмæ фæвæййы; бирæгъ балæ-
буры фыстæм æмæ алырдæм ныххæлиу
вæййынц. 13Æххуырст алидзы, уымæн æмæ
уый æххуырст у æмæ йæ фысты мæт нæй.

14Æз дæн хорз фыййау, Æз зонын Мæ фыс-
ты, Мæ фыстæ дæр Мæ зонынц. 15Мæн Мæ
Фыд куыд зоны, Æз дæр Мæ Фыды афтæ
зонын, æмæ Мæ цард дæттын Мæ фысты
сæраппонд.

16Ацы уæтæрæй чи нæу, ахæм фыстæ дæр
Мын ис, æмæ Мæ уыдоны дæр æрбакæнын
хъæуы. Уыдон дæр фехъусдзысты Мæ хъæ-
лæс æмæ иууылдæр суыдзысты иу дзуг, æмæ
сын иу Фыййау уыдзæни.

17Мæ Фыд Мæ уый тыххæй уарзы, æмæ
Æз дæттын Мæ цард, цæмæй йæ фæстæмæ
райсон. 18Ничи Мын æй исы, Мæхæдæг æй
дæттын. Мæхи бар у йæ раттын дæр æмæ
йæ фæстæмæ райсын дæр. Афтæ Мын ба-
фæдзæхста Мæ Фыд».

19Ацы ныхæсты тыххæй дæр та иудейæг-
тæм иу хъуыды нал уыд. 20Иутæ дзырдтой:
«Ай хæйрæджыты сайд у æмæ сæнттæ цæгъ-
ды. Цы йæм хъусут?» 21Иннæтæ семæ нæ
разы кодтой: «Уыдон хæйрæдджджыны ны-
хæстæ не сты. Хæйрæгæн куырмыты цæстæй
ракæсын кæнын йæ бон кæцæй у?»

22Йерусалимы ралæууыди Кувæндон
Ссыгъдæг кæныны бæрæгбон. Уыди зы-
мæг. 23Йесо зылди Кувæндоныл, Соломоны
тыргъы. 24Уым Ыл иудейæгтæ æрæмбырд сты
æмæ Йын дзырдтой: «Кæдмæ ма нæ тыхсын
кæндзынæ? Кæд Чырысти дæ, уæд нын æй
æргом зæгъ». 25Йесо сын дзуапп радта: «Загъ-
тон уын æй, æмæ уæ нæ уырны. Æз Мæ Фыды
номæй цы хъуыддæгтæ аразын, уыдон Мын
сты æвдисæн. 26Фæлæ не ’ууæндут, уымæн
æмæ сымах — куы ма уын æй загътон — Мæ
фыстæй не стут. 27Мæ фыстæ хъусынц Мæ
хъæлæс, Æз сæ зонын, æмæ уыдон цæуынц
Мæ фæдыл. 28Æз сын дæттын мыггагмæйы
цард — уыдонæн мæлæт нæ уыдзæн, æмæ
сæ ничи аскъæфдзæни Мæ къухæй. 29Уыдон
Мын Мæ Фыд радта, Мæ Фыдæй уæлдæр та

**10:22** Кувæндон Ссыгъдæг кæныны бæрæгбон бæрæг кодтой н. д. а. дыккаг æнусæй фæстæмæ. Йерусалимы Кувæндон уый агъоммæ фæчъизи ис муртаттæгты къухæй.

нæй. Æмæ сæ Мæ Фыды къухæй аскъæфын
никæй бон у. 30 Æз æмæ Мæ Фыд иу стæм».
31 Æмæ та иудейæгтæ ногæй дуртæм фæлæ-
бурдтой, дурты бын Æй фæкæнæм, зæгъгæ.
32 Фæлæ сын Йесо загъта: «Мæ Фыд Мын кæй
бафæдзæхста, ахæм хорз хъуыддæгтæ уын
Æз бирæ фенын кодтон. Цымæ мæ уыдонæй
кæцыйы тыххæй хъавут дуртæй амарынмæ?»
33 Иудейæгтæ Йын дзуапп радтой: «Хорз
хъуыддæгты тыххæй Дæ нæ хъавæм дуртæй
амарынмæ, фæлæ, Хуыцауы кæй фауыс —
адæймаг уæвгæйæ, Дæхицæй Хуыцау кæй
аразыс, уый тыххæй».
34 Йесо сын загъта: «Уе 'Гъдауы афтæ фыст
нæй: „Æз загътон: сымах хуыцæуттæ стут“?
35 Хуыцауы дзырд кæмæн лæвæрд уыд, кæд
Хуыцау уыдоны хуыцæуттæ схуыдта æмæ
Сыгъдæг Фыстæн аивæн нæй, 36 уæд, Фыд
Кæй срухс кодта æмæ дунемæ Кæй рарвыста,
Уымæй афтæ куыд дзурут: „Хуыцауы фауы“,
„Æз Хуыцауы Фырт дæн“ кæй загътон, уый тых-
хæй? 37 Мæ Фыд цы хъуыддæгтæ кæны, кæд Æз
дæр уыцы хъуыддæгтæ нæ кæнын, уæд Мыл ма
æууæндут. 38 Фæлæ сæ кæд кæнын æмæ Мыл
уæддæр не 'ууæндут, уæд Мæ хъуыддæгтыл
бауæндут, цæмæй базонат æмæ бамбарат, Мæ
Фыд Мемæ иу кæй у æмæ Æз дæр Мæ Фыди-
мæ иу кæй дæн, уый». 39 Æрцахсынмæ та Йæ
хъавыдысты, фæлæ Уый аирвæзти сæ къухæй.
40 Æмæ та ногæй ацыди Иорданы фаллаг
фарсмæ, уымæй размæ Иоанн донæй кæм
аргъуыдта, уырдæм; æмæ иу цасдæр уым
фæци. 41 Бирæ адæм æм цыди æмæ дзырдтой,
Иоанн диссæгтæ нæ равдыста, фæлæ, ацы
Адæймаджы тыххæй цыдæриддæр загъта,
уыдон иууылдæр æцæг сты, зæгъгæ. 42 Æмæ
Йыл уым бирæтæ бауæндыдысты.

**11** Иу адæймаг, йæ ном — Лазыр, уыди
рынчын. Уый уыди Вифанийæ, Мариа йæ хо
Марфæимæ кæм царди, уыцы хъæуæй. 2 Ма-
риа та уыди, Хицау Йесойы хæрздæфгæнæ-
нæй чи байсæрста æмæ Йын Йæ къæхтæ йæ
дзыккутæй чи ныссæрфта, уыцы сылгоймаг.
Æмæ ныр йе 'фсымæр Лазыр уыди рынчын.
3 Хотæ Йесомæ хабаргæнæг арвыстой: «Хи-
цау, Ды кæй уарзыс, уый рынчын у». 4 Йесо
уый куы фехъуыста, уæд загъта: «Уыцы ни-
зæн йæ кæрон мæлæтмæ нæ цæуы — Хуы-
цауы кадæн у, цæмæй уый руаджы Хуыцауы
Фырты кад раргом уа».
5 Марфæ, стæй йæ хо Мариа æмæ Лазыр
кæд Йесойæн уарзон адæймæгтæ уыдысты,
6 уæддæр ма, Лазыр рынчын у, уый фехъусгæ-
йæ, кæм уыдис, уым дыууæ боны афæстиат.
7 Уый фæстæ Йæ ахуыргæнинæгтæн загъта:
«Ногæй ацæуæм Иудеймæ». 8 Ахуыргæнинæг-
тæ Йын загътой: «Равви, æрæджы дæр ма Дæ
иудейæгтæ дуртæй амарынмæ куы хъавы-
дысты, уæд та фæстæмæ уырдæм цæуыс?»
9 Йесо сын дзуапп радта: «Боны дыууадæс
сахаты нæй? Боныгон чи цæуы, уый нæ кæлы,
уымæн æмæ уыны ацы дунейы рухс. 10 Æх-
сæвыгон чи цæуы, уый та фæкæлы, уымæн
æмæ дунейы рухс нæ уыны».
11 Уыцы ныхæстыл ма Йесо бафтыдта: «Нæ
хæлар Лазыр бафынæй ис, æмæ Æз цæуын йæ
райхъал кæнынмæ». 12 Йæ ахуыргæнинæгтæ
Йын загътой: «Хицау, кæд фынæй баци, уæд
адзæбæх уыдзæн». 13 Йесо сын дзырдта Лазы-
ры мæлæты тыххæй, уыдон та афтæ æнхъæл
уыдысты, цыма Уый хуымæтæг фынæйы кой
кæны. 14 Уæд сын æй Йесо комкоммæ загъта:
«Лазыр амард. 15 Æмæ Æз уым кæй нæ фæдæн,
уый тыххæй цин кæнын сымахыл, уымæн
æмæ бауæнддзыстут. Ныр та йæм ацæуæм».
16 Уæд, фæсномыгæй Фаззон кæй хуыдтой,
уыцы Фома иннæ ахуыргæнинæгтæн загъта:
«Цом æмæ мах дæр Йемæ амæлæм».
17 Йесо бынатмæ куы бахæццæ ис, уæд ба-
зыдта, Лазыр ныр цыппар боны зæппадзы
кæй ис, уый. 18 Вифани та Йерусалиммæ хæс-
тæг уыд, се 'хсæн уыди фынддæс стадийы
бæрц. 19 Æмæ иудейæгтæй бирæтæ æрбацы-
дысты Марфæ æмæ Мариамæ се 'фсымæры
зианы тыххæй сын тæфæрфæс ракæнынмæ.
20 Йесо кæй æрбацæуы, уый Марфæ куы
фехъуыста, уæд рацыди Йæ размæ. Мариа
та хæдзары баззади.
21 Марфæ загъта Йесойæн: «Хицау, Ды ам
куы уыдаис, уæд ме 'фсымæр нæ амардаид.
22 Фæлæ æз ныр дæр зонын: Ды Хуыцауæй
цыдæриддæр ракурай, уый Дын ратдзæни».
23 Йесо йын загъта: «Де 'фсымæр райгас
уыдзæн».
24 Марфæ Йын дзуапп радта: «Зонын æй,
фæстаг бон, Мæрдты райгасы бон, кæй рай-
гас уыдзæни, уый». 25 Йесо йын загъта: «Æз
дæн мæрдтæй æгасгæнæг æмæ царддæттæг.
Мæныл чи æууæнды, уый куы амæла, уæд-
дæр райгас уыдзæн. 26 Мæныл æууæндгæйæ
чидæриддæр цæры, уый никуы амæлдзæн.
Уырны дæ?» 27 Марфæ Йын дзуапп радта: «О,
Хицау! Мæн уырны, Ды Чырысти кæй дæ,
уый — дунемæ æрцæуинаг Чи у, Хуыцауы
уыцы Фырт».
28 Уыцы ныхæсты фæстæ Марфæ ацы-
ди æмæ аивæй бамбарын кодта йæ хо

**11:18** 15 стадийы – 3 километры бæрц.

Мариайæн: «Ахуыргæнæг ам ис æмæ дæм
дзуры».
29Мариа уый куы фехъуыста, уæд феста-
ди æмæ Йесойы размæ атындзыдта. 30Йесо
хъæумæ нæма бахæццæ ис; Марфæ Йыл кæм
фембæлдис, уыцы ран баззади. 31Мариаи-
мæ хæдзары чи уыд æмæ йын ныфсытæ чи
æвæрдта, уыцы иудейæгтæ йæ æваст фестгæ
æмæ рацæугæ куы федтой, уæд йæ фæдыл
рацыдысты. Уыдон афтæ æнхъæл уыдысты,
зæппадзмæ кæуынмæ ацыди, зæгъгæ.
32Йесо кæм уыд, Мариа уырдæм куы ба-
хæццæ ис æмæ Йæ куы федта, уæд Ын Йæ
къæхты бынмæ æрхауди æмæ загъта: «Хи-
цау, Ды ам куы уыдаис, уæд ме 'фсымæр нæ
амардаид». 33Мариайы æмæ йемæ æрцæуæг
иудейæгты Йесо кæугæ куы федта, уæд Йæ-
хицæн дæр Йæ зæрдæ суынгæг ис 34æмæ
бафарста: «Кæм æй бавæрдтат?» Уыдон Ын
загътой: «Хицау, рацу æмæ йæ фен». 35Йесо-
йæн йæ цæссыгтæ æркалдысты. 36Уæд иуде-
йæгтæ загътой: «Кæс-ма, куыд æй уарзта!»
37Иуæй-иутæ та дзырдтой: «Куырмæн йæ
цæстытæ куы байгом кодта, уæд Йæ бон
афтæ бакæнын нæ уыд, цæмæй ацы адæй-
маг ма амæла?»
38Йесойæн йæ зæрдæ ноджы тынгдæр
суынгæг ис, афтæмæй бацыди зæппадзы
размæ. Уый уыди лæгæт, йæ бацæуæныл
ын дур бафæлдæхтæуыд.
39Йесо загъта: «Айсут дур». Марды хо Мар-
фæ Йын загъта: «Хицау, мард афонмæ сысмаг
ис. Ныр цыппар боны зæппадзы ис». 40Йе-
со йын дзуапп радта: «Нæ дын дзырдтон,
куы дæ уырна, уæд Хуыцауы кад фендзынæ,
зæгъгæ?»
41Дур айстой. Йесо арвмæ скасти æмæ загъ-
та: «Мæ Фыд, бузныг дæн Дæуæй, кæй Мæ
фехъуыстай, уый тыххæй. 42Ды Мæ кæддæ-
риддæр кæй фехъусдзынæ, уый Æз зыдтон,
фæлæ афтæ, ам цы адæм ис, уыдоны тыххæй
загътон — цæмæй бауæндой, Ды Мæ кæй
рарвыстай, ууыл».
43Уыцы ныхæсты фæстæ Йесо хъæрæй
загъта: «Лазыр, æддæмæ рацу!» 44Æмæ мард
рацыди, йæ къухтæ æмæ йæ къæхтæ — мæр-
дæмбæрзæн хæцъилты тыхт, йæ цæсгом —
цæсгомæмбæрзæнæй æхгæд. Йесо сын загъ-
та: «Райхалут æй, æмæ ацæуа».
45Мариамæ чи æрбацыд, уыцы иудейæг-
тæй, Йесо цы бакодта, уый чи федта, уыдо-
нæй Йыл бирæтæ бауæндыдысты. 46Фæ-
лæ дзы иуæй-иутæ ацыдысты фарисейтæм
æмæ сын, Йесо цы бакодта, уый тыххæй
радзырдтой. 47Уæд алчертæ æмæ фарисейтæ
æрæмбырд кодтой синедрион æмæ загътой:
«Цы гæнгæ нын у? Ацы Адæймаг бирæ дис-
сæгтæ æвдисы. 48Афтæ Йæ куы ныууадзæм,
уæд Ыл се 'ппæт дæр бауæнддзысты. Æмæ
æрцæудзысты ромæгтæ æмæ нын нæ ацы
уаз бынат дæр æмæ нæ адæмы дæр бабын
кæндзысты».
49Уыдонæй иу, Каиафæ, уыцы аз уыди
алчер æмæ сын загъта: «Сымах ницы æмба-
рут! 50Уæ бон бамбарын нæу, æппæт адæмы
фесафыны бæсты сæ сæрвæлтау иу адæймаг
куы амæла, уæд сымахæн хуыздæр кæй
уыдзæн, уый». 51Уый Каиафæ йæхи зондæй
нæ дзырдта, фæлæ пехуымпар ныхас кодта,
уымæн æмæ уыцы аз алчер уыди æмæ ра-
гагъоммæ загъта, Йесо кæй хъуамæ амæла
Йæ адæмы сæрвæлтау, 52стæй æрмæст Йæ
адæмы сæрвæлтау нæ, фæлæ ма, алы рæтты
чи ныххæлиу ис, Хуыцауы уыцы хъæбулты
æрæмбырд æмæ æрбаиу кæныны тыххæй
дæр.
53Уыцы бон Йесойы амарынвæнд скодтой.
54Уымæ гæсгæ-иу Йесо æргомæй иудейæгты
æхсæн нал фæзынд, фæлæ уырдыгæй ацыд
Эфраиммæ — æдзæрæг быдырмæ æввахс чи
уыди, уыцы сахармæ; æмæ уым уыди Йæ
ахуыргæнинæгтимæ.
55Æрхæстæг иудейаг Куадзæн, æмæ бæс-
тæйы алы рæттæй бирæтæ Куадзæны размæ
æрцыдысты Йерусалиммæ — сæхи ссыгъдæг
кæнынмæ. 56Уæд агуырдтой Йесойы æмæ Ку-
вæндоны дзырдтой сæ кæрæдзийæн: «Куыд
уæм кæсы, Йесо бæрæгбонмæ не 'рцæудзæн?»
57Хистæр сауджынтæ æмæ фарисейтæ та бар-
дзырд радтой: Йесо кæм ис, уый исчи куы
базона, уæд сын фехъусын кæнæд, цæмæй
Йæ æрцахсой.

**12** Куадзæнмæ ма æхсæз боны уыди, аф-
тæ Йесо æрбацыди Вифанимæ, мæрдтæй
кæй райгас кодта, уыцы Лазыры хæдзармæ.
2Фынг Ын æрæвæрдтой, æмæ сын Марфæ
лæггад кодта, Лазыр та уыди, Йесоимæ фын-
гыл чи бадти, уыдонимæ.
3Уæд Мариа райста, нард кæй хонынц,
уыцы зайæгойæ конд зынаргъ хæрздæф-
гæнæны джиранка, байсæрста дзы Йесойы
къæхтæ æмæ Йын сæ йæ дзыккутæй ныс-
сæрфта. Хæдзар байдзаг ис хæрздæфæй.
4Йесойы ахуыргæнинæгтæй иу, фæстæдæр
Ыл гадзрахатæй чи рацыди, уый, Иудæ Ис-
кариот, загъта: 5«Ацы хæрздæфгæнæн уыди
æртæсæдæ динарыл ауæйгæнæн æмæ æхца

**12:3** Джиранка – 300 граммы бæрц.

мæгуыртыл байуарæн». 6Иудæ афтæ, мæгу-
ыртыл кæй тыхсти, уый тыххæй нæ загъта,
фæлæ, давæг кæй уыд, уымæн: æхцайы лагъз
уымæ уыди, æмæ-иу дзы цы нывæрдтой,
уымæй-иу фелвæста йæхицæн.
7Йесо загъта: «Ныууадз æй. Мариа Мын
ацы хæрздæфгæнæн Мæ ныгæнæн бонмæ
бавæрдта. 8Мæгуыртæ æдзух уæ фарсмæ сты,
Æз та æдзух уемæ нæ уыдзынæн».
9Йесо уым ис, уый иудейæгтæй бирæтæ
базыдтой, æмæ Йæм æрбацыдысты — канд
Йесойы тыххæй нæ, фæлæ, мæрдтæй кæй
райгас кодта, уыцы Лазыры фенынмæ дæр.
10Алчертæ та Лазыры дæр амарын сфæнд
кодтой, 11уымæн æмæ сыл уый тыххæй иу-
дейæгтæй бирæтæ сæхи атигъ кодтой æмæ
Йесойыл баууæндыдысты.
12Дыккаг бон, бæрæгбонмæ цы бирæ адæм
æрæмбырд, уыдон фехъуыстой, Йесо Йеру-
салиммæ æрбацæуы, зæгъгæ. 13Пальмæйы
къалиутимæ рацыдысты Йæ размæ æмæ
хъæр кодтой: «Осаннæ! Арфæгонд уæд Хуы-
цауы номæй Æрцæуæг — Израилы Паддзах!»
14Йесо та бавдæлд æмæ къæлæуыл сбад-
ти, Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ: 15«Ма
тæрс, Сионы чызг! Мæнæ дæ Паддзах фæ-
цæуы, къæлæуыл бадгæйæ». 16Цæмæн афтæ
бакодта, уый Йæ ахуыргæнинæгтæ фыццаг
нæ бамбæрстой, фæлæ Йесойы кад куы рар-
гом ис, уæд сæ зæрдыл æрлæууыд, Йесойы
тыххæй Сыгъдæг Фысты афтæ кæй загъ-
дæуыд, уый.
17Йесо Лазырмæ зæппадзмæ куыд ба-
дзырдта æмæ йæ куыд райгас кодта, уый
йæхи цæстæй чи федта, уыдон ныр уыцы
цауы кой кодтой. 18Адæм Йæ размæ дæр уый
тыххæй рацыдысты, æмæ фехъуыстой, Йесо
уыцы диссаг кæй саразта, уый. 19Фарисейтæ
та кæрæдзийæн дзырдтой: «Уынут, куыд
ницы нын æнтысы! Æгас дуне Йæ фæдыл
цæуы!»
20Бæрæгбонмæ Хуыцаумæ скувыны
тыххæй чи æрбацыд, уыдоны æхсæн мур-
таттæгтæ дæр уыди. 21Уыдон бацыдысты
Филиппмæ, уымæн æмæ уый уыди галилейаг
Вифсаидæйæ, æмæ йæм бахатыдысты: «Хорз
лæг, кæд гæнæн ис, уæд мах Йесойы фенын
фæнды». 22Филипп ацыд æмæ Андрейæн сæ
курдиат бамбарын кодта, стæй иумæ Йесомæ
бацыдысты æмæ Йын æй загътой.
23Йесо сын дзуапп радта: «Адæймаджы
Фыртæн ралæууыд Йæ кад раргом кæныны
афон. 24Æцæг уын зæгъын: мæнæуы нæмыг
зæххыл куынæ сæмбæла æмæ уым куынæ
амæла, уæд иу нæмыгæй баззайдзæн. Фæлæ
куы амæла, уæд та ратдзæни бирæ хор. 25Йæ
цард зынаргъ кæмæн у, уый йæ фесафдзæн;
ацы дунейы йæ цардыл чи нæ ауæрды, уый
та мыггагмæ цæрдзæни. 26Мæнæн чи лæггад
кæны, уый Мæ фæдыл хъуамæ цæуа æмæ, Æз
кæм дæн, уый дæр уым уыдзæни. Мæнæн
чи лæггад кæны, уыцы адæймагæн Мæ Фыд
скад кæндзæн.
27Ныр Мæ уд стыр катайы бацыд, фæлæ
Æз афтæ куыд хъуамæ зæгъон: „Мæ Фыд!
Фервæзын Мæ кæн ацы тухæнæй“, кæд æмæ
Æз ацы тухæны тыххæй æрцыдтæн?
28Мæ Фыд, скадджын кæн Дæ ном!» Æмæ
уæларвæй æрыхъуысти: «Скадджын æй
кодтон æмæ ма йæ ноджыдæр скадджын
кæндзынæн!»
29Уым цы адæм лæууыд, уыдон уый куы
фехъуыстой, уæд иутæ загътой: «Уый арвы
нæрын у». Иннæтæ дзырдтой: «Зæд ныхас
кодта Йемæ». 30Уæд сын Йесо загъта: «Уыцы
хъæлæс Мæн тыххæй нæ уыди, фæлæ сымах
тыххæй. 31Ныр ацы дунейæн йæ Тæрхоны
Бон ралæууыд, æмæ ацы дунейы æлдар
тард æрцæудзæни. 32Æз зæххæй уæлæмæ
ист куы æрцæуон, уæд алкæй дæр Мæхимæ
æрхондзынæн». 33Ацы ныхæстæй Йесо фæс-
номыгæй бамбарын кодта, цавæр мæлæтæй
амæлдзæнис, уый.
34Адæм Ын дзуапп радтой: «Æгъдауы куыд
фыст ис, уымæй мах зонæм, Чырысти мыг-
гагмæ кæй цæрдзæнис, уый. Уæд Ды куыд
зæгъыс, Адæймаджы Фырты хъуамæ уæлæ-
мæ систæуа, зæгъгæ? Чи у уыцы Адæймаджы
Фырт?» 35Уæд сын Йесо загъта: «Иу цасдæр
рæстæг ма уыдзæни рухс уемæ. Цалынмæ
рухс ис, уæдмæ цæут, цæмæй уæ талынг ма
бамбæрза, уымæн æмæ талынджы цæуæгмæ
йæ развæд нæ зыны.
36Цалынмæ рухс уемæ ис, уæдмæ æууæн-
дут рухсыл, цæмæй суат рухсы хъæбултæ».
Уыцы ныхæсты фæстæ Йесо ацыд æмæ фæ-
ауыон ис.
37Йесо сæ разы уый бæрц диссæгтæ рав-
дыста, фæлæ Йыл уæддæр не ’ууæндыдыс-
ты, 38уымæн æмæ пехуымпар Исайайы ны-
хæстæн æнæ æрцæугæ нæ уыд. Уый загъта:
«Дунедарæг, махæй цы фехъуыстой, ууыл
чи баууæндыд, æмæ кæмæн раргом ис Ду-
недарæджы хъару?» 39Исайа ма загъта, сæ
бон баууæндын цæуылнæ уыд, уый дæр:
40 «Уый сын бакуырм кодта сæ цæстытæ,
сæхгæдта сын сæ зæрдæтæ,
цæмæй цæстæй ма феной,

**12:31** Ацы дунейы æлдар – сайтан.

зæрдæйæ ма бамбарой,
ма раздæхой Мæнмæ
æмæ сæ Æз ма сдзæбæх кæнон».
41Ацы ныхæстæ Исайа уый тыххæй загъ-
та, æмæ йæм Йесойы кад раргом ис, æмæ
кодта Уый кой.
42Æниу, Йесойыл суанг хицæуттæй дæр би-
рæтæ бауæндыдысты, фæлæ сæ фарисейтæ
синагогæйæ куы фæхицæн кæной, уымæй
тæрсгæйæ, сæхи нæ хъæр кодтой. 43Уымæн
æмæ, Хуыцау цы кад дæтты, уымæй сын
зæххон кад зынаргъдæр уыди.
44Йесо хъæрæй загъта: «Мæныл чи æууæн-
ды, уый Мæ Рарвитæгыл æууæнды. 45Мæн чи
уыны, уый Мæ Рарвитæджы уыны. 46Æз дæн
рухс æмæ æрцыдтæн дунемæ, чидæриддæр
Мыл æууæнды, уыдон талынджы куыннæуал
уой, афтæ. 47Мæ ныхæстæ Мын чи хъусы æмæ
сæ чи не 'ххæст кæна, уыдонæн Æз тæрхон
нæ кæнын. Æз дунейæн тæрхон кæнынмæ
не 'рцыдтæн, фæлæ йæ фервæзын кæнын-
мæ. 48Мæныл йæхи чи тигъ кæны æмæ Мæ
ныхæстыл чи не 'ууæнды, уымæн ис тæр-
хонгæнæг: Мæ ныхас ын тæрхон кæндзæни
фæстаг бон. 49Уымæн æмæ Æз Мæхи номæй
нæ дзырдтон: цы зæгъон æмæ цы дзурон,
уый Мын Мæ рарвитæг Фыд бафæдзæхста,
50æмæ Æз зонын: Йæ фæдзæхст у мыггаг-
мæйы цард. Æз дзурын, Мæ Фыд Мын цы
бафæдзæхста, æрмæстдæр уый».

**13** Æрæввахс ис Куадзæн. Йесо зыдта, кæй
ралæууыди ацы дунейæ Йæ Фыдмæ ацæуы-
ны афон. Уый уарзта ацы дунейы Йæхионты
æмæ Йæ уарзт равдыста æххæстæй. 2Уыцы
рæстæг хæйрæг Иудæйы, Симон Искариоты
фырты, Йесойы ауæй кæнынил сардыдта.
3Æхсæвæры рæстæг Йесо, Йæ Фыд Ын æп-
пæт дæр Йæ къухмæ кæй радта, Хуыцауæй
кæй æрцыд æмæ ныр Хуыцаумæ кæй цæуы,
уый зонгæйæ, 4фынгæй сыстади, ралас-
та Йе 'ддаг дарæс, райста хисæрфæн æмæ
йæ æрбабаста Йæ астæуыл. 5Уый фæстæ
дурыны дон ныккодта æмæ райдыдта Йæ
ахуыргæнинæгтæн сæ къæхтæ æхсын æмæ
сæ Йæ астæуыл баст хисæрфæнæй сæрфын.
6Симон Петрмæ куы бацыди, уæд Ын уый
загъта: «Хицау! Ды мын мæ къæхтæ куыд
хъуамæ цæхсай?» 7Йесо йын дзуапп радта:
«Æз цы кæнын, уый ды ныртæккæ нæма æм-
барыс, фæлæ йæ фæстæдæр бамбардзынæ».
8Петр Ын загъта: «Никуы мын цæхсдзынæ
мæ къæхтæ!» Йесо йын дзуапп радта: «Куынæ
дын сæ цæхсон, уæд дын Мемæ иумæйа-
гæй ницы ис». 9Уæд Ын Симон Петр загъта:
«Хицау, канд мæ къæхтæ нæ, фæлæ мын
мæ къухтæ æмæ мæ сæр дæр цæхс». 10Йесо
йын загъта: «Æхсадæн æрмæст йæ къæхтæ
цæхсын хъæуы, уымæн æмæ æгасæй дæр
сыгъдæг у. Сымах дæр сыгъдæг стут, æрмæст
уе 'ппæт нæ». 11Йесо зыдта Йæ уæйгæнæджы
æмæ уымæн загъта, уе 'ппæт сыгъдæг не
стут, зæгъгæ.
12Сæ къæхтæ сын куы цæхсадта, уæд Йæ
дарæс скодта, ногæй Йæхи æруагъта æмæ
загъта: «Цы уын бакодтон, уый æмбарут?
13Сымах Мæн Ахуыргæнæг æмæ Хицау кæй
хонут, уымæй раст зæгъут, уымæн æмæ Æз
Ахуыргæнæг æмæ Хицау дæн. 14Уæдæ уын
кæд Æз, Хицау æмæ Ахуыргæнæг, уæ къæхтæ
цæхсадтон, уæд сымах дæр хъуамæ æхсат
уæ кæрæдзийы къæхтæ. 15Æз уын равдыс-
тон, сымах дæр куыд хъуамæ кæнат, уый.
16Æцæг цы у, уый уын зæгъын: цагъар йæ
хицауæй уæлдæр нæу, стæй минæвар дæр йæ
рарвитæгæй уæлдæр нæу. 17Кæд уый зонут,
уæд тæхудиаг уыдзыстут, сымах дæр афтæ
куы кæнат, уæд.
18Уе 'ппæты тыххæй нæ зæгъын. Æз, кæй
равзæрстон, уыдоны зонын. Фæлæ хъуамæ
сæххæст уа, Сыгъдæг Фысты цы загъд ис,
уый: „Мемæ къæбæр чи хордта, уый рацыди
Мæ ныхмæ“. 19Уый тыххæй уын Æз зæгъын
рагацау, цалынмæ нæма æрцыд, уæдмæ,
цæмæй сымах, куы 'рцæуа, уæд бауæндат:
УЫЙ ÆЗ ДÆН. 20Æцæг уын зæгъын, æцæг:
Æз кæй арвитын, уый чи суазæг кæны, уый
Мæн суазæг кæны, Мæн чи суазæг кæны,
уый та — Мæ Рарвитæджы».
21Уыцы ныхæсты фæстæ Йесо Йæхими-
дæг тынг æрбатыхст æмæ загъта: «Æцæг
уын зæгъын, æцæг, уæ иу Мыл гадзрахатæй
рацæудзæни». 22Уыцы ныхæстæм ахуыр-
гæнинæгтæ кæрæдзимæ ракæс-бакæсыл
фесты — Йесо кæй тыххæй зæгъы, уый не
'мбæрстой.
23Йесойæн Йæ уарзон ахуыргæнинаг бадти
Йæ фарсмæ, 24æмæ йæм Симон Петр аца-
мыдта, кæй тыххæй дзуры, уымæй ма Йæ
бафæрс, зæгъгæ. 25Ахуыргæнинаг йæхи Йе-
сомæ бакъул кодта æмæ Йæ бафарста: «Хи-
цау, кæй кой кæныс, уый чи у?» 26Йесо йын
дзуапп радта: «Мæ къæбæр цæхдоны куы
атулон, уæд æй кæмæ раттон, уый». Къæбæр
цæхдоны атылдта æмæ йæ радта Иудæмæ,
Симон Искариоты фыртмæ.
27Уыцы тæккæ уысм сайтан бацыди Иу-
дæйы мидæг, æмæ йын уæд Йесо загъта:
«Цы кæнинаг дæ, уый тагъддæр кæн». 28Аф-
тæ йын цæй тыххæй загъта, уый фынгыл

бадджытæй ничи бамбæрста. 29Æхцайы
лагъз Иудæмæ кæй уыди, уымæ гæсгæ иуæй-
иутæ æнхъæлдтой, æмæ йын Йесо, бæрæг-
бонмæ сæ цы хъæуы, уый æлхæнын кæнæ
та мæгуыртæн исты раттын кæны. 30Иудæ
къæбæр куы райста, уæд уайтагъд дуары
æдде фæци. Уыдис æхсæв.
31Иудæ куы ацыд, уæд Йесо загъта: «Ныр
раргом ис Адæймаджы Фырты кад, æмæ Ху-
ыцауы кад дæр раргом ис Йæ фæрцы. 32Æмæ
кæд Хуыцауы кад Йæ фæрцы раргом ис, уæд
Æй Хуыцау Йæхæдæг дæр скадджын кæн-
дзæн, æмæ Йæ скадджын кæндзæн рæхджы.
33Мæ хъæбултæ, Æз бирæ нал уыдзынæн
уемæ. Агурдзыстут Мæ, фæлæ, иудейæгтæн
куыд загътон, афтæ ныр сымахæн дæр зæ-
гъын: „Æз кæдæм цæуын, сымахæн уырдæм
уæ бон бацæуын нæу“.
34Дæттын уын ног фæдзæхст: уарзут кæ-
рædзийы. Æз уæ куыд уарзын, афтæ сымах
дæр кæрæдзийы уарзут. 35Уæ кæрæдзийы
куы уарзат, уæд алчидæр базондзæн, сымах
Мæ ахуыргæнинæгтæ кæй стут, уый».
36Симон Петр Ын загъта: «Хицау, æмæ Ды
кæдæм цæуыс?» Йесо йын дзуапп радта: «Æз
кæдæм цæуын, уырдæм ныртæккæ дæуæн
нæй цæуæн, фæлæ фæстæдæр рацæудзы-
нæ Мæ фæдыл». 37Петр Ын загъта: «Хицау,
цæуылнæ мын ис ныр Дæ фæдыл ацæуæн?
Æз мæ цард дæр ратдзынæн Дæу тыххæй».
38Йесо йын дзуапп радта: «Дæ цард Мæн
тыххæй ратдзынæ? Зæгъын дын: уасæг нæма
ныууасдзæн, афтæ Мыл æртæ хатты атигъ
кæндзынæ дæхи.

**14** Мацæуыл мæт кæнут. Æууæндут Хуыца-
уыл æмæ Мæныл дæр æууæндут. 2Мæ Фыды
хæдзары бирæ бынæттæ ис. Афтæ куы нæ уа-
ид, уæд уын нæ загътаин: „Æз цæуын бынат
уын æрцæттæ кæнынмæ“. 3Куы ацæуон æмæ
уын бынат куы æрцæттæ кæнон, уæд та уæм
æрцæудзынæн æмæ уæ райсдзынæн Мæхимæ,
цæмæй сымах дæр уат, Æз кæм дæн, уым. 4Æз
кæдæм цæуын, уырдæм сымах фæндаг зонут».
5Уæд Æй Фома бафарста: «Хицау, кæдæм
цæуыс, уый нын зындгонд куынæ у, уæд æм
фæндаг куыд хъуамæ зонæм?» 6Йесо йын
загъта: «Æз дæн фæндаг, æцæгад æмæ цард.
Мæ Фыдмæ ничи æрцæудзæн, Мæ фæрцы
куы не ’рцæуа, уæд. 7Сымах Мæн куы зоник-
кат, уæд Мæ Фыды дæр зониккат. Æмæ Йæ
нырæй фæстæмæ зонгæ дæр кæнут æмæ Йæ
уынгæ дæр фæкодтат».
8Филипп Ын загъта: «Хицау, равдис нын
Дæ Фыды, æмæ нын уый фаг уыдзæни».
9Йесо йын загъта: «Уый бæрц рæстæг уемæ
дæн, æмæ Мæ нæ зоныс, Филипп? Мæн чи
федта, уый федта Фыды. Уæд ды афтæ куыд
зæгъыс: „Равдис нын Дæ Фыды“? 10Ау, Æз Мæ
Фыдимæ иу кæй дæн æмæ Мæ Фыд Мемæ иу
кæй у, уый дæ нæ уырны? Æз уын цы зæгъын,
уый Мæхи номæй нæ дзурын — Мемæ иу Чи
у, Уыцы Фыд аразы Йæ хъуыддæгтæ.
11Æууæндут Мыл: Æз Мæ Фыдимæ иу дæн,
Мæ Фыд та Мемæ иу у. Науæд та Мыл Мæ
хъуыддæгтæм гæсгæ æууæндут.
12Æцæг уын зæгъын, æцæг: Мæныл чи
æууæнды, уый араздзæн, Æз кæй аразын,
ахæм хъуыддæгтæ, æмæ йын ноджы стыр-
дæр хъуыддæгтæ саразын дæр бантысдзæн,
уымæн æмæ Æз цæуын Мæ Фыдмæ. 13Æмæ,
Мæ ном ссаргæйæ, цыдæриддæр ракурат,
уый уын ратдзынæн, цæмæй Фырты фæрцы
Фыды кад раргом уа. 14Мæ ном ссаргæйæ, цы
ракурат, уын уый Æз ратдзынæн.
15Кæд Мæ уарзут, уæд æххæст кæндзыстут
Мæ фæдзæхстытæ. 16Æз Мæ Фыдæн балæгъс-
тæ кæндзынæн, æмæ уын Уый ратдзæнис,
мыггагмæ уемæ чи уыдзæни, ахæм æндæр
Рæвдауæджы — 17Æцæгады Уды. Дунейы
бон Æй райсын нæу, уымæн æмæ Йæ нæ
уыны æмæ нæ зоны. Сымах та Йæ зонут,
уымæн æмæ Уый уемæ ис æмæ уæ зæрдæты
цæрдзæни.
18Сидзæрæй уæ нæ ныууадздзынæн —
фæстæмæ уæм æрыздæхдзынæн. 19Чысыл
ма хъæуы, æмæ дуне нал фендзæни Мæн,
сымах та Мæ фендзыстут, уымæн æмæ Æз
цæрын, æмæ сымах дæр цæрдзыстут. 20Уыцы
бон базондзыстут, Æз Мæ Фыдимæ иу кæй
дæн, сымах Мемæ иу кæй стут æмæ Æз уемæ
иу кæй дæн, уый. 21Мæ фæдзæхстытæ кæй
зæрдæйы сты æмæ сæ чи æххæст кæны, уый
Мæ уарзы. Мæн чи уарзы, уый та Мæ Фыд
бауарздзæн, стæй йæ Æз дæр бауарздзынæн
æмæ йын Мæхи раргом кæндзынæн».
22Иудæ Йын (Искариот нæ, фæлæ иннæ)
загъта: «Хицау, дунейæн нæ, фæлæ махæн
Дæхи раргом кæнынмæ кæй хъавыс, уый цы
нысан кæны?» 23Йесо йын дзуапп радта: «Чи
Мæ уарзы, уый сæххæст кæндзæн Мæ ны-
хас, æмæ йæ Мæ Фыд бауарздзæн. Мах æм
æрцæудзыстæм æмæ йемæ æрцæрдзыстæм.
24Мæн чи нæ уарзы, уый Мæ ныхæстæ не
’ххæст кæны. Сымах цы ныхас хъусут, уый
та Мæнæй нæ, фæлæ Мæ рарвитæг Фыдæй у.
25Адæттæ уын загътон, цалынмæ ма уемæ
дæн, уæдмæ. 26Мæ Фыд уæм Мæ номыл Кæй
рарвитдзæн, уыцы Рæвдауæг, Сыгъдæг Уд,
сымах алцæуыл дæр сахуыр кæндзæн æмæ

уын, Æз цы дзырдтон, уыдæттæ уæ зæрдыл
æрлæууын кæндзæн.
27Фарн уын уадзын Мæ фæстæ, Мæ фарн
уын дæттын. Дуне куыд дæтты, Æз уын æй
афтæ нæ дæттын. Мацæуыл тыхсут æмæ
мацæмæй тæрсут. 28Сымах фехъуыстат, Æз
уын цы загътон, уый: „Æз цæуын, фæлæ та
уæм æрыздæхдзынæн“. Куы Мæ уарзиккат,
уæд, Фыдмæ кæй цæуын, ууыл цин кæник-
кат, уымæн æмæ Мæ Фыд Мæнæй уæлдæр
у. 29Уыдæттæ нæма æрцыдысты, фæлæ уын
сæ Æз ныридæгæн зæгъын, цæмæй, куы
æрцæуой, уæд Мыл бауууæндат.
30Уемæ Мын бирæ дзурыны рæстæг нал
ис, уымæн æмæ æрбаввахс ис ацы дунейы
æлдар. Мæныл йæ бар нæ цæуы, 31фæлæ, Æз
Фыды кæй уарзын æмæ Мын Фыд куыд бафæ-
дзæхста, афтæ кæй кæнын, уый дуне хъуамæ
базона. Ныр сыстут, æмæ ардыгæй ацæуæм.

**15** Æз дæн æцæг сæнæфсиры Тала, Мæ Фыд
та — сæнæфсирмæ Зилæг. 2Мæ къалиутæй
сæнæфсир кæуыл не ’рзайы, уый алыг кæ-
ны. Сæнæфсир дзы кæуыл æрзайы, уый та
бахсæды, фылдæр ыл куыд æрзайа, афтæ.
3Сымах ныридæгæн бахсæстæуыд, Æз уын
кæй загътон, уыцы Дзырдæй. 4Ут Мемæ, æмæ
уæд Æз дæр уыдзынæн уемæ. Сæнæфсиры
талайыл къалиу куынæ уа, уæд ыл сæнæф-
сир нæ зайдзæн. Афтæ сымах дæр пайда не
’рхæсдзыстут, Мемæ куынæ уат, уæд.
5Æз дæн сæнæфсиры Тала, сымах та —
къалиутæ; Мемæ чи ис æмæ Æз кæимæ дæн,
уый æрхæссы бирæ пайда. Уымæн æмæ æнæ
Мæн уæ бон ницы аразын у. 6Мемæ чи нæ
уа, уый къалиуау æппæрст æрцæудзæн æмæ
бахус уыдзæн. Ахæм къалиутæ та æрæм-
бырд кæнынц, баппарынц сæ арты æмæ сæ
басудзынц. 7Сымах Мемæ куы уат æмæ Мæ
ныхæстæ уæ зæрдæйы куы цæрой, уæд уæ
цыдæриддæр хъæуа, уый ракурут æмæ йæ
райсдзыстут. 8Мæ ахуыргæнинæгтæ куы уат
æмæ бирæ пайда куы æрхæссат, уæд уымæй
раргом уыдзæн Мæ Фыды кад.
9Мæ Фыд Мæн куыд уарзы, Æз дæр сы-
мах афтæ бауарзтон. Уæдæ хайджын ут Мæ
уарзтæй. 10Æз Мæ Фыды фæдзæхстытæ куыд
сæххæст кодтон æмæ Йæ уарзтæй хайджын
куыд дæн, афтæ сымах дæр Мæ фæдзæхсты-
тæ куы æххæст кæнат, уæд хайджын уыдзыс-
тут Мæ уарзтæй. 11Æз уын адæттæ загътон,
цæмæй Мæ цинæй хайджын уат æмæ уæ
циндзинад уа æххæст.
12Мæнæ уын Мæ фæдзæхст: Æз уæ куыд
бауарзтон, афтæ уарзут кæрæдзийы. 13Исчи
йæ цард йæ хæлæртты сæраппонд куы рат-
та, уæд уымæй стырдæр уарзондзинад нæй.
14Æз уын цы фæдзæхсын, уый куы æххæст
кæнат, уæд стут Мæ хæлæрттæ. 15Æз уæ ны-
ридæгæн цагъартæ нал хонын, уымæн æмæ
цагъар, йæ хицау цы кусы, уый нæ фæзоны.
Фæлæ уæ Æз схуыдтон Мæ хæлæрттæ, уы-
мæн æмæ уын раргом кодтон, Мæ Фыдæй
цыдæриддæр фехъуыстон, уый. 16Сымах
Мæ нæ равзæрстат, фæлæ уæ Æз равзæрс-
тон æмæ уын бахæс кодтон, цæмæй цæуат
æмæ дунейæн пайда хæссат, уæ уыцы пай-
да мыггагмæ куыд уа, афтæ. Æмæ уæд Мæ
номæй цыдæриддæр ракурат Фыдæй, уый
уын ратдзæни. 17Мæнæ уын Мæ фæдзæхст:
уарзут кæрæдзийы.
18Ацы дуне уæ йе сæфт куы уына, уæд-иу
æй зонут — сымахæй раздæр Мæнæй уыдта
йе сæфт. 19Сымах ацы дунейæ куы уаиккат,
уæд уæ дуне йæхионтау уарзид. Сымах ацы
дунейæ кæй не стут, Æз уæ кæй равзæрстон
æмæ уæ дунейæ кæй фæхицæн кодтон, уый
тыххæй уæ уыны ацы дуне йе сæфт.
20Æз уын кæй загътон, уыцы ныхас уæ
зæрдыл дарут: „Цагъар йæ хицауæй уæлдæр
нæу“. Кæд Мæн æфхæрдтой, уæд сымах дæр
æфхæрдзысты. Кæд Мæ ныхасмæ хъуыстой,
уæд уæ ныхасмæ дæр хъусдзысты. 21Афтæ
уын кæндзысты Мæ номы тыххæй, уымæн
æмæ Мæ Рарвитæджы нæ зонынц.
22Æз куы не ’рцыдаин æмæ сын куынæ
дзырдтаин, уæд тæригъæды тыххæй азым-
джын нæ уаиккой. Ныр та сæ тæригъæд
ницæмæйуал сраст кæндзысты. 23Мæнæй йе
сæфт чи уыны, уый Мæ Фыдæй дæр йе сæфт
уыны. 24Æз се ’хсæн, æндæр искæмæн йæ
бон саразын кæй нæ уыд, ахæм хъуыддæгтæ
куынæ скодтаин, уæд тæригъæды тыххæй
азымджын нæ уаиккой. Ныр та сæ федтой,
уæддæр Мæнæй æмæ Мæ Фыдæй се сæфт
уынынц. 25Фæлæ афтæмæй хъуамæ сæххæст
уа, се ’Гъдауы цы фыст ис, уый: „Дзæгъæлы
Мæ уынынц се сæфт“.
26Æз уæм Мæ Фыдæй рарвитдзынæн Рæв-
дауæджы — Æцæгады Уды. Уыцы Уд Мæ
Фыдæй цæуы, æмæ уæм куы ’рцæуа, уæд
æвдисæн лæудзæни Мæн тыххæй. 27Сымах
дæр Мын уыдзыстут æвдисæнтæ, уымæн
æмæ фыццаг бонтæй фæстæмæ Мемæ стут.

**16** Æз уын адæттæ уымæн загътон, цæмæй
ма фæтасат. 2Синагогæтæй тард æрцæудзыс-
тут. Æрцæуы ахæм рæстæг, æмæ, сымах
чи мара, уый афтæ æнхъæл уыдзæн, цыма
уымæй Хуыцауæн лæггад кæны. 3Уыдон

афтæ, нæдæр Мæ Фыды, нæдæр Мæн кæй
нæ базыдтой, уый тыххæй кæндзысты. 4Фæ-
лæ уын Æз адæттæ уымæн дзурын, цæмæй,
уыцы заман куы ралæууа, уæд уæ зæрдыл
æрлæууа, Æз уæ рагацау кæй фæдзæхстон,
уый. Раздæр уын æй нæ дзырдтон, уымæн
æмæ Мæхæдæг уемæ уыдтæн.

5Ныр та цæуын Мæ Рарвитæгмæ, æмæ
Мæ сымахæй ничи фæрсы, кæдæм цæуыс,
зæгъгæ, 6уымæн æмæ Мæ ныхæстæм уæ
зæрдæтæ хъынцъым кæнынц. 7Фæлæ уын Æз,
æцæг цы у, уый зæгъын: Мæ ацыд сымахæн
хуыздæр у. Уымæн æмæ, Æз куынæ ацæуон,
уæд уæм Рæвдауæг не ’рцæудзæн. Куы ацæ-
уон, уæд та уæм Æй рарвитдзынæн. 8Æмæ
куы ’рцæуа, уæд раргом кæндзæни дунейы
азым — тæригъæд, рæстад æмæ тæрхон цы
сты, уый раст кæй не ’мбары.

9Тæригъæд уый мидæг ис, æмæ Мыл не
’ууæндынц. 10Рæстад уый мидæг ис, æмæ Æз
Мæ Фыдмæ цæуын æмæ Мæ нал фендзыстут.
11Тæрхон уый мидæг ис, æмæ ацы дунейы
æлдар тæрхонгонд æрцыд.

12Сымахæн ма мæм бирæ зæгъинæгтæ ис,
фæлæ сæ нырма уæ бон бамбарын нæ бауы-
дзæн. 13Æцæгады Уд куы ’рцæуа, уæд уын
æцæгад раргом кæндзæн æххæстæй. Уымæн
æмæ Йæхи номæй нæ дзурдзæн, фæлæ, цы
фехъуса, уый дзурдзæни æмæ уын, фидæны
цы уыдзæн, уый фехъусын кæндзæн.

14Уый Мын скад скæндзæн, уымæн æмæ
уын фехъусын кæндзæн, Мæнæй цы фехъуса,
уый. 15Фыдмæ цыдæриддæр ис, уый Мæн у,
æмæ уын Æз уый тыххæй загътон, Сыгъдæг
Уд уын, Мæнæй цы фехъуса, уый фехъусын
кæндзæн, зæгъгæ.

16Рæхджы Мæ нал фендзыстут, фæлæ та
Мæ чысыл фæстæдæр ногæй фендзыстут».

17Йæ ахуыргæнинæгтæй иуæй-иутæ кæрæ-
дзи, дисгæнгæ, фарстой: «Уый нын цытæ дзу-
ры, рæхджы, дам, Мæ нал фендзыстут, фæлæ
та Мæ чысыл фæстæдæр ногæй фендзыстут,
стæй, Æз Мæ Фыдмæ цæуын, зæгъгæ?» 18Но-
джы ма дзырдтой: «Цавæр „рæхджыйы“ кой
кæны? Цы нын зæгъы, уый не ’мбарæм».

19Йесо бамбæрста, цæмæй Йæ бафæрсын-
мæ хъавынц, уый æмæ сын загъта: «Æз уын
афтæ кæй загътон: „Рæхджы Мæ нал фен-
дзыстут, фæлæ та Мæ рæхджы ногæй фен-
дзыстут“, кæрæдзийы уый тыххæй фæрсут?
20Æцæг цы у, Æз уын уый зæгъын: сымах
кæудзыстут æмæ дзыназдзыстут, дуне та
цин кæндзæн. Сымах хъыг кæндзыстут, фæ-
лæ уæ хъыг раивдзæни цинæй. 21Аргæ-арын
сылгоймаг хъизæмар фæкæны, фæлæ, куы
ныййары, уæд дзы фыр цинæй йæ удхар фе-
рох вæййы, уымæн æмæ дунемæ адæймаг
фæзынд. 22Афтæ сымах дæр: ныртæккæ хъыг
кæнут, фæлæ уæ Æз ногæй фендзынæн, æмæ
уæд уæ зæрдæтæ байдзаг уыдзысты цинæй,
æмæ уын уæ цин ничиуал байсдзæн. 23Уæд
Мæ ницæмæйуал фæрсдзыстут.

Æцæг уын зæгъын, æцæг: Мæ номæй цы-
дæриддæр ракурат Фыдæй, уый уын рат-
дзæни. 24Ныронг ницы куырдтат Мæ номæй.
Ныр курут æмæ райсдзыстут, æмæ уæ цин-
дзинад уыдзæни æххæст.

25Æз уын ныронг æмбисæндтæй дзырдтон.
Фæлæ афон куы ’рцæуа, уæд уын Æз фæсно-
мыгæй нал дзурдзынæн, фæлæ уын æргомæй
Фыды тыххæй зæгъдзынæн. 26Уыцы бон
Уымæй, Мæ ном ссаргæйæ, курдзыстут, æмæ
уын Æз афтæ нæ зæгъын, сымах тыххæй Мæ
Фыдæн лæгъстæ нæ кæндзынæн, зæгъгæ.
27Уымæн æмæ уæ Мæ Фыд Йæхæдæг уарзы,
Мæн кæй бауарзтат æмæ, Æз Хуыцауæй кæй
æрцыдтæн, уыл кæй бауууæндыдыстут, уый
тыххæй. 28Æз Мæ Фыдæй рацæугæ дæн æмæ
æрцыдтæн ацы дунемæ; ныр æй уадзын æмæ
цæуын Мæ Фыдмæ».

29Йæ ахуыргæнинæгтæ Йын загътой:
«Ныртæккæ Ды немæ дзурыс æргомæй,
æнæ фæсномыг ныхасæй. 30Ныр уынæм:
Ды æппæт дæр зоныс. Ды развæлгъау фæ-
зоныс, цæмæй Дæ фæрсдзысты, уый. Æмæ
нæ уымæй уырны: Ды Хуыцауæй æрцыдтæ».

31Йесо сын дзуапп радта: «Ныр баууæн-
дыдыстут? 32Мæнæ рæстæг æрцæуы, æниу,
цæугæ дæр æркодта, æмæ сымах уæ хæ-
дзæрттæм фæлидздзыстут æмæ Мæ иунæ-
гæй ныууадздзыстут. Фæлæ Æз иунæг нæ
дæн, уымæн æмæ Мæ Фыд Мемæ ис. 33Уы-
дæттæ уын Æз уый тыххæй загътон, цæмæй
Мемæ уат æмæ Мæ фарнæй схайджын уат.
Ацы дунейы хъизæмæрттæ æвзардзыстут,
фæлæ-иу фидар лæуут: Æз фæуæлахиз дæн
ацы дунейыл».

**17** Уыцы ныхæсты фæстæ Йесо скаст уæ-
ларвмæ æмæ загъта: «Мæ Фыд, рæстæг æр-
хæццæ. Скадджын кæн Дæ Фырты, цæмæй
Дæ скадджын кæна Дæ Фырт дæр. 2Уымæн
æмæ Йын Ды алы адæймаджы дæр бакодтай
Йæ бар, цæмæй дзы алкæмæн дæр мыггаг-
мæйы цард ратта.

3Мыггагмæйы цард та уый у, цæмæй Дæу,
иунæг æцæг Хуыцауы, æмæ Де ’рвыст Йесо
Чырыстийы зоной. 4Ды Мын Мæ бæрны цы
хъуыддаг бакодтай, уый Æз сæххæст кодтон
æмæ Дæ Уымæй скадджын кодтон зæххыл.

5Æмæ Мæ ныр, Мæ Фыд, Ды дæр скадджын
кæн Дæ разы, дуне сфæлдисыны агъоммæ
Демæ куы уыдтæн, уæд Мын цы кад уыдис,
уымæй.
6Ды Мын дунейæ цы адæмы радтай, уы-
донæн Æз раргом кодтон Дæ ном. Уыдон
Дæу уыдысты, Ды сæ радтай Мæнæн, æмæ
уыдон сæххæст кодтой Дæ ныхас. 7Æмæ ныр
бамбæрстой, Ды Мын цыдæриддæр радтай,
уый Дæуæй лæвæрд кæй у. 8Уымæн æмæ сын
Æз фехъусын кодтон, Ды кæй загътай, уыцы
ныхæстæ, æмæ æцæгдæр бамбæрстой, Æз
Дæуæй кæй æрцыдтæн, æмæ сæ бауырныд-
та, Ды Мæ кæй рарвыстай, уый. 9Æз дунейы
тыххæй нæ, фæлæ, Ды Мын кæй радтай,
уыдоны тыххæй кувын, уымæн æмæ Дæу
сты. 10Мæнмæ цыдæриддæр ис, уый Дæу
у, Дæумæ цыдæриддæр ис, уый та Мæн у.
Æмæ Æз уыдоны мидæг равдыстон Мæ кад.
11Æз ныр дунейы нал дæн, фæлæ уыдон ду-
нейы сты, Æз та Дæумæ цæуын. Мæ Сыгъдæг
Фыд! Бахъахъхъæн сæ, Ды Мын кæй радтай,
Дæ уыцы номы хъаруйæ, Мах иу куыд стæм,
афтæ уыдон дæр иу куыд уой. 12Æз цалынмæ
семæ уыдтæн, уæдмæ сæ хъахъхъæдтон, Ды
Мын кæй радтай, Дæ уыцы номы хъаруйæ.
Æз сæ бахъахъхъæдтон, æмæ дзы ничи фе-
сæфти, мæлæтæн гуырды йеддæмæ, цæмæй
сæххæст уа, Сыгъдæг Фыст цы зæгъы, уый.
13Ныр та Æз цæуын Дæумæ æмæ, цалынмæ
дунейы дæн, уæдмæ йæ уый тыххæй зæгъын,
цæмæй Мæ цинæй хайджын уой æмæ сæ
циндзинад уа æххæст. 14Æз сын æрхастон Дæ
ныхас, æмæ сæ дуне йе сæфт уыны, уымæн
æмæ, Æз ацы дунейæ куыд нæ дæн, афтæ
уыдон дæр ацы дунейæ не сты.
15Ды сæ дунейæ акæнай, Æз Дæ уый нæ
курын, фæлæ Дæ курын, цæмæй сæ хæй-
рæгæй бахизай. 16Æз дунейæ куыд нæ дæн,
афтæ уыдон дæр дунейæ не сты. 17Срухс сæ
кæн Дæ æцæгадæй — Дæ ныхас у æцæгад.
18Ды Мæн дунемæ куыд рарвыстай, афтæ
сæ Æз дæр арвыстон дунемæ. 19Æмæ уы-
доны сæраппонд Æз Мæхи нывонд кæнын
Дæуæн, цæмæй уыдон дæр æцæгады фæрцы
Дæу бауой.
20Æрмæст уыдоны тыххæй нæ кувын, фæ-
лæ ма, сæ ныхасы фæрцы Мæныл чи бауæн-
да, уыдоны тыххæй дæр. 21Уадз æмæ се 'ппæт
дæр уой иу. Ды, Мæ Фыд, Мемæ иу куыд дæ,
Æз та Демæ иу куыд дæн, афтæ уыдон дæр иу
уæнт Немæ, æмæ дуне бауæнда, Ды Мæ кæй
рарвыстай, ууыл. 22Ды Мын цы кад радтай,
Æз уымæй бахай кодтон уыдонæн, цæмæй,
Мах иу куыд стæм, афтæ уыдон дæр иу уой.
23Æз уыдонимæ иу дæн, Ды та Мемæ иу
дæ. Уадз æмæ уыдон дæр уой иу, цæмæй
дуне базона, Ды Мæ кæй рарвыстай æмæ,
Мæн куыд уарзыс, уыдоны дæр афтæ кæй
бауарзтай, уый.
24Мæ Фыд, Мæн фæнды, цæмæй, Ды Мын
кæй радтай, уыдон Мемæ уой, Æз кæм дæн,
уым æмæ уыной, Ды Мын кæй радтай, уыцы
кад, уымæн æмæ дуне сфæлдисыны размæ
Ды Мæн бауарзтай. 25Мæ раст Фыд! Дуне Дæ
нæ базыдта, Æз та Дæ зонын, æмæ уыдон
дæр базыдтой, Ды Мæ кæй рарвыстай, уый.
26Æз сын раргом кодтон Дæ ном æмæ сын
æй дарддæр дæр æргом кæндзынæн, цæмæй
Мæ Ды цы уарзтæй бауарзтай, уыдон дæр
уарзой ахæм уарзтæй, æмæ Æз уон семæ».

**18** Йесо куы скуыивта, уæд Йæ ахуыргæни-
нæгтимæ араст сты Кедроны тæрфы иннæ
фарсмæ, æмæ уым дыргъдонмæ бацыдыс-
ты. 2Ацы бынат зыдта Йæ уæйгæнæг Иудæ
дæр — Йесо æмæ-иу Йæ ахуыргæнинæгтæ
уым арæх æрæмбырд сты. 3Иудæ йемæ ра-
кодта æфсæддонты, стæй, алчертæ æмæ
фарисейтæ кæй рарвыстой, кувæндоны уыцы
лæггадгæнджыты, æмæ уыдон æрбацыдыс-
ты уырдæм хæцæнгæрзтæ, цырæгътæ æмæ
рухсгæнæнтимæ.
4Цыдæриддæр Ыл æрцæудзæн, уый зон-
гæйæ, Йесо сæ размæ рацыд æмæ бафарста:
«Кæй агурут?» 5Уыдон Ын дзуапп радтой:
«Назаретаг Йесойы». Йесо сын загъта: «Уый
Æз дæн». Йæ уæйгæнæг Иудæ дæр семæ уыд.
6Йесо сын афтæ куы загъта: «Уый Æз дæн»,
уæд фæстæдæр алæууыдысты æмæ зæххыл
ныддæлгом сты. 7Уый та сæ ногæй бафарста:
«Кæй агурут?» Дзуапп та Йын радтой: «На-
заретаг Йесойы». 8Йесо сын загъта: «Æмæ
уын ныридæгæн куы загътон, уый Æз дæн,
зæгъгæ. Уæдæ, кæд Мæн агурут, уæд адоны
ауадзут æмæ ацæуой».
9Йесо сын афтæ уый тыххæй загъта, цæ-
мæй сæххæст уа Йæ ныхас: «Ды Мын кæй
радтай, уыдонæй Æз никæй фесæфтон».
10Симон Петрмæ уыди кард, фелвæста йæ,
алчеры цагъары дзы ныццавта æмæ йын йæ
рахиз хъус ахауын кодта. Уыцы цагъарæн йæ
ном уыди Малх. 11Фæлæ Йесо загъта Петрæн:
«Нывæр дæ кард кæрддзæмы. Ау, Мæ Фыд
Мын цы хъизæмæртты кæхц æрцæттæ кодта,
уый хъуамæ ма бануазон?»
12Уæд æфсæддонтæ сæ хицауимæ æмæ иу-
дейæгтæй æрвыст хъахъхъæнджытæ Йесойы
æрцахстой æмæ Йæ сбастой. 13Фыццаг уал
Æй акодтой Аннамæ — Каиафæйы каисмæ.

Каиафæ та уыцы аз уыдис алчер. 14Уый уы-
ди, иудейæгтæн афтæ чи бауынаффæ кодта,
адæмы сæрвæлтау иу адæймаг куы амæла,
уæд хуыздæр у, зæгъгæ, уыцы Каиафæ.

15Симон Петр æмæ ма ноджы иу ахуыр-
гæнинаг ацыдысты Йесойы фæдыл. Уыцы
ахуыргæнинаг зонгæ уыд алчеримæ æмæ
Йесоимæ бацыд алчеры кæртмæ. 16Петр
та лæууыди дуары æдде. Алчеримæ зонгæ
чи уыд, уыцы ахуыргæнинаг рацыд, загъта
дуаргæс сылгоймагæн æмæ Петры мидæ-
мæ бакодта.

17Дуаргæс сылгоймаг Петры бафарста: «Ды
дæр, мыййаг, уыцы Адæймаджы ахуыргæ-
нинæгтæй нæ дæ?» Петр загъта: «Нæ дæн».
18Уазал кæй уыд, уымæ гæсгæ цагъартæ æмæ
хъахъхъæнджытæ арт скодтой, йæ алыварс
слæууыдысты æмæ сæхи тавтой. Петр дæр
лæууыд семæ æмæ йæхи тавта.

19Ныр алчер та Йесойы фарста Йæ аху-
ыргæнинæгтæ æмæ Йæ ахуырады тыххæй.
20Йесо йын дзуапп радта: «Æз æргомæй
дзырдтон дунейæн. Æз кæддæриддæр адæ-
мы ахуыр кодтон синагогæты æмæ Кувæн-
доны, иудейæгтæ иууылдæр кæм æмбырд
кæнынц, уым. Сусæгæй та ницы дзырдтон.
21Цæмæн мæ фæрсыс? Чи Мæм хъуыста, уы-
доны бафæрс, цы сын дзырдтон, уымæй.
Уыдон æй зонынц, Æз цы дзырдтон, уый».

22Йесо афтæ куы загъта, уæд Ын хъахъ-
хъæнджытæй иу — хæстæг Æм чи лæууыди,
уый — Йæ цæсгом ныццавта æмæ загъта:
«Алчерæн ахæм дзуапп дæттыс?» 23Йесо
йын дзуапп радта: «Кæд исты фæрæдыдтæн,
уæд æй зæгъ. Кæд раст загътон, уæд та Мæ
цæмæн цæвыс?»

24Анна Йесойы бастæй арвыста алчер
Каиафæмæ.

25Ныр Симон Петр та лæууыд æмæ йæ-
хи тавта артмæ. Фарстой йæ: «Ды дæр Йæ
ахуыргæнинæгтæй нæ дæ?» Уый Йыл йæхи
атигъ кодта æмæ загъта: «Нæ дæн». 26Алчеры
цагъартæй иу, — Петр йæ хъус кæмæн ахауын
кодта, уымæн йæ хæстæг, — Петрæн загъта:
«Дыргъдоны Йемæ дæу нæ федтон, æви?»
27Петр та Йыл нæ басасти. Тæккæ уыцы уысм
уасæг ныуувасыд.

28Йесойы сæумæйæ Каиафæйæ акодтой
бæстæйы хицауы галуанмæ. Иудейæгтæ
сæхæдæг мидæмæ нæ бацыдысты, цæмæй
сæхи ма фæчъизи кæной æмæ сын Куадзæны
фынгæй хæрын æмбæла. 29Пилат сæм рацыд
æмæ загъта: «Цæмæй азымджын кæнут ацы
Адæймаджы?» 30Уыдон ын дзуапп радтой:
«Уый фыдгæнæг куы нæ уаид, уæд дын Æй дæ
къухмæ нæ раттаиккам». 31Пилат сын загъта:
«Акæнут Æй æмæ Йын уæхи æгъдаумæ гæс-
гæ уæхæдæг рахæссут тæрхон». Иудейæгтæ
йын дзуапп радтой: «Махæн нæй искæмæн
тæрхон рахæссыны бар».

32Уыцы ныхас рауади, цæмæй сæххæст
уа, Йесо фæсномыгæй Йæ мæлæты тыххæй
рагацау цы загъта, уый.

33Уæд Пилат ногæй бацыди галуанмæ,
фæсидти Йесомæ æмæ Йæ бафарста: «Ды
иудейаг Паддзах дæ?» 34Йесо дзуапп радта:
«Дæхи хъуыды зæгъыс, æви дын иннæтæ
загътой Мæн тыххæй?» 35Пилат загъта: «Æмæ
æз иудейаг дæн? Дæу Мæ къухмæ Дæ адæм
æмæ алчертæ радтой. Уагæры цы ракодтай?»
36Йесо йын дзуапп радта: «Мæ Паддзахад
ацы дунейæ нæу. Мæ Паддзахад ацы дунейæ
куы уаид, уæд Мæ фæсдзæуинтæ тох код-
таиккой, цæмæй Æз иудейæгты къухмæ ма
бахауон. Фæлæ Мæ Паддзахад ацы дунейæ
нæу». 37Пилат Ын загъта: «Уæдæ Ды Паддзах
дæ?» Йесо дзуапп радта: «Дæхæдæг æй куы
зæгъыс, Æз Паддзах кæй дæн, уый. Æз уый
тыххæй райгуырдтæн æмæ дунемæ уымæн
æрцыдтæн, цæмæй дзурон æцæгады тыххæй.
Æцæгадæй чидæриддæр у, уый Мæм хъусы».

38Пилат Æй бафарста: «Цы у æцæгад?»
Уыцы ныхæсты фæстæ Пилат ногæй рацыд
иудейæгтæм æмæ сын загъта: «Æз Æм ницы
азым арын. 39Сымахмæ ис æгъдау, цæмæй
уын Куадзæны иу ахст адæймаджы ахæсто-
нæй ссæрибар кæнон. Фæнды уæ, æмæ уын
иудейаг Паддзахы рауадзон?» 40Фæлæ уыдон
ныхъхъæр кодтой: «Уый — нæ! Вараввæйы
рауадз!» Уыцы Вараввæ та абырæг уыди.

**19** Уæд Пилат Йесойы ехсæй фæнæмын
кодта. 2Æфсæддонтæ сбыдтой сындзын ка-
ды худ æмæ йæ Йесойы сæрыл æрсагътой,
сæнт сырх пæлæз Ыл скодтой. 3Хæстæг-иу
Æм бацыдысты æмæ хъæр кодтой: «Æгас
цæуæд иудейаг Паддзах!» Æмæ Йæ дзæхс-
тытæ кодтой.

4Пилат ногæй рацыд адæммæ æмæ сын
загъта: «Æз уæм Æй ныртæккæ рахондзы-
нæн, цæмæй зонат, кæй ницы аххос Æм арын,
уый». 5Æмæ сæм Йесо рацыди — сындзын
кады худы æмæ сæнт сырх пæлæзы. Пилат
сын загъта: «Мæнæ ис уыцы Адæймаг!» 6Хис-
тæр сауджынтæ æмæ Йæ хъахъхъæнджытæ
куы федтой, уæд хъæр систой: «Байтындз Æй,
байтындз Æй!» Пилат сын загъта: «Акæнут
Æй æмæ Йæ уæхæдæг байтындзут, æз Æм
ницы азым арын». 7Иудейæгтæ йын дзу-
апп радтой: «Махæн ис Æгъдау æмæ, уыцы

Æгъдаумæ гæсгæ, Уый хъуамæ амæла, уы-
мæн æмæ Йæхицæй Хуыцауы Фырт аразы».
8Пилат уыцы ныхæстæ куы фехъуыста,
уæд ноджы тынгдæр старсти. 9Ногæй та
бацыди галуанмæ æмæ Йесойы бафарста:
«Кæцæй дæ?» Фæлæ йын Йесо дзуапп нæ
радта. 10Пилат Ын загъта: «Мæнæн нæ дæт-
тыс дзуапп? Дæ рауадзыны бар дæр æмæ Дæ
байтындзыны бар дæр мæнмæ кæй ис, уый
нæ зоныс?» 11Йесо йын дзуапп радта: «Дæ
бар Мыл æппындæр нæ цæуид, уый дын
уæларвæй лæвæрд куы нæ уаид, уæд. Уымæ
гæсгæ, Мæн дæ къухмæ чи радта, уымæн йæ
тæригъæд дæ тæригъæдæй уæззаудæр у».
12Уæдæй фæстæмæ Пилат архайдта Йæ
рауадзыныл. Иудейæгтæ та хъæр кодтой:
«Куы Йæ рауадзай, уæд кесæры лымæн нæ
дæ. Йæхицæй паддзах чидæриддæр аразы,
уый кесæры знаг у». 13Пилат уый куы фехъу-
ыста, уæд Йесойы æддæмæ ракодта æмæ,
Лифостротон кæй хуыдтой, дзуттагау та —
Гаввафæ, уым æрбадти тæрхонгæнæджы
бынаты. 14Уый уыди Куадзæны размæ бон,
æхсæз сахатмæ æввахс. Пилат иудейæгтæн
загъта: «Мæнæ уæ Паддзах!» 15Фæлæ уыдон
хъæр систой: «Амар Æй! Амар Æй! Байтындз
Æй!» Пилат сын загъта: «Уæ Паддзахы уын
байтындзон?» Хистæр сауджынтæ йын
дзуапп радтой: «Махæн кесæры йеддæмæ
паддзах нæй».
16Æппынфæстаг Пилат сразы ис семæ æмæ
Йесойы радта дзуарыл байтындзынмæ. Æмæ
Йесойы акодтой.
17Йесо Йæ дзуаримæ ацыд, Сæргæхц цы
бынат хуыдтой, дзуттагау та — Голгофæ,
уырдæм. 18Уыцы ран Æй дыууæ æндæр ахæс-
тимæ, уыдон — Йæ фæйнæфарс, Уый — ас-
тæуæй, афтæмæй дзуарыл байтыгътой.
19Пилат дзуарыл фæйнæджы гæбаз ных-
хуыйын кодта ахæм фыстимæ: «Назаретаг
Йесо, иудейаг Паддзах». 20Иудейæгтæй йæ
бирæтæ бакастысты, уымæн æмæ, Йесо-
йы кæм байтыгътой, уыцы бынат сахармæ
хæстæг уыд. Фыст уыди дзуттаг, ромаг æмæ
бердзенаг æвзæгтыл. 21Иудейаг хистæр сау-
джынтæ Пилатæн дзырдтой: «Ма ныффыс:
„Иудейаг Паддзах“. Ныффысс афтæ: „Ацы лæг
йæхи хуыдта иудейаг Паддзах“». 22Пилат сын
загъта: «Цы ныффыстон, уый ныффыстон».
23Æфсæддонтæ Йесойы куы байтыгътой,
уæд Ын Йæ дарæстæ райстой æмæ сæ цыппар
дихы акодтой — алы æфсæддонæн дæр иу
хай. Йæ хæдон та хуыд нæ уыд, фæлæ сæ-
рæй бынмæ уафт уыди. 24Æмæ кæрæдзийæн
загътой: «Скъуынгæ йæ ма акæнæм, фæлæ
хæлттæ сæппарæм, кæддæра нæ кæмæ æрха-
уид». Уымæн æмæ хъуамæ сæххæст уыдаид,
Сыгъдæг Фыст цы зæгъы, уый: «Се ’хсæн
Мын байуæрстой Мæ дарæс æмæ Мын Мæ
уæлæдарæсыл хæлттæ сæппæрстой». Æф-
сæддонтæ æцæгдæр афтæ бакодтой.
25Йесойы дзуары цур лæууыдысты Йæ
мад, Йæ мады хо, Клеопайы ус Мариа, æмæ
магдалæйаг Мариа. 26Йесо Йæ мады, стæй
Йæ уарзон ахуыргæнинаджы дæр уым лæугæ
куы федта, уæд Йæ мадæн загъта: «Уæ сыл-
гоймаг, мæнæ уый — дæ лæппу». 27Стæй Йæ
ахуыргæнинагæн загъта: «Мæнæ уый — дæ
мад!» Æмæ уæдæй фæстæмæ Йæ мад царди
ахуыргæнинаджы хæдзары.
28Уый фæстæ Йесо, ныридæгæн алцыдæр
кæй сæххæст, уый зонгæйæ, цæмæй Сыгъдæг
Фысты цы загъд ис, уый кæронмæ сæххæст
уа, уый тыххæй сдзырдта: «Дойны Мын у».
29Туаг сæны дзаг дурын дзы уыди, æмæ æф-
сæддонтæ хырыз комраз сæны атылдтой,
иссопы къалиуыл æй æрсагътой æмæ Йын
æй Йæ дзыхмæ схастой. 30Йесо туаг сæнæй
куы ацахуыста, уæд загъта: «Æппæт дæр
сæххæст!» Уыйадыл Йæ сæр æркъул кодта
æмæ Йæ уд систа.
31Уыди майрæмбон, æмæ иудейæгты нæ
фæндыд, цæмæй мæрдтæ сабаты дзуарыл
ауыгъдæй баззайой, уымæн æмæ уыцы са-
баты стыр бæрæгбон уыди. Уымæ гæсгæ
Пилатæй куырдтой мæрдтæн сæ зæнгтæ
асæттын æмæ сæ дзуарæй æрисын. 32Уæд
æфсæддонтæ æрцыдысты æмæ, Йесоимæ
тыгъд чи уыди, уыдонæй фыццаг иуæн, стæй
та иннæмæн асастой сæ зæнгтæ. 33Йесомæ
куы бацыдысты æмæ Йæ мардæй куы фед-
той, уæд Ын Йæ зæнгтæ нал асастой. 34Фæлæ
Йын уæддæр æфсæддонтæй иу арцæй Йæ
фарс барæхуыста, æмæ дзы уайтагъд туг
æмæ дон ракалди. 35Уымæн æвдисæн лæууы
уый йæхи цæстæй фенæг. Йæ æвдисæнад
æцæг у, æмæ зоны, æцæгдзинад кæй дзуры,
уый, цæмæй сымах дæр бауæндат. 36Æппæт
уыдæттæ æрцыдысты, цæмæй сæххæст уа
Сыгъдæг Фыст: «Йæ иу стæг дæр нæ асæт-
дзæн». 37Сыгъдæг Фысты ма загъд ис: «Кæй
барæхуыстой, Уымæ скæсдзысты».
38Уый фæстæ аримафейаг Йосеф (уый дæр
Йесойы ахуыргæнинаг уыди, фæлæ йæ не
’ргом кодта, уымæн æмæ иудейæгтæй тарс-
ти) бахатыди Пилатмæ, цæмæй йын ратта
Йесойы мард. Пилат ын бар радта. Йосеф
ацыд æмæ Йесойы мард ахаста. 39Æрцыди

**19:13** Лифостротон бердзенагау амоны «дурæй астæрд пъол».

Никодим дæр — кæддæр æхсæвыгон Йесомæ
чи æрбацыди, уый — æмæ æрхаста фондзыс-
сæдз джиранкайы бæрц хæрздæфгæнæн-
тæ — смирнæ æмæ алой иумæ хæццæйæ.
40Уыдон Йесойы мард, иудейаг æгъдаумæ
гæсгæ, хæрздæфгæнæнтимæ гæнæй уæфт
мæрддзæгты батыхтой. 41Йесойы дзуа-
рыл кæм байтыгътой, уым уыди дыргъдон,
дыргъдоны та — æвæрд кæм ничима уыди,
ахæм ног зæппадз. 42Иудейаг сабатмæ би-
рæ кæй нал баззад, зæппадз та хæстæг кæй
уыди, уымæ гæсгæ Йесойы уым бавæрдтой.

**20** Къуырийæн йæ фыццаг бон, нæма æр-
бабон ис, афтæмæй магдалæйаг Мариа æр-
бацыди зæппадзмæ æмæ бацæуæны дур
иуварс фæлдæхтæй баййæфта. 2Уыйадыл
азгъордта, бацыди Симон Петрмæ, стæй
Йесойы уарзон ахуыргæнинагмæ æмæ сын
загъта: «Хицауы ахастой зæппадзæй, æмæ
Йæ кæм бавæрдтой, уый нæ зонæм».

3Петр æмæ иннæ ахуыргæнинаг уайтагъд
ацыдысты зæппадзмæ. 4Дыууæйæ дæр
згъоргæ кодтой, фæлæ иннæ ахуыргæнинаг
Петрæй тагъддæр згъордта æмæ зæппадз-
мæ раздæр бахæццæ ис. 5Æргуыбыр кодта
æмæ мæрддзæгтæ федта, фæлæ зæппадзмæ
нæ бацыди. 6Йæ хæдуæлвæд Симон Петр
дæр æрбахæццæ ис, бацыди зæппадзмæ
æмæ дзы федта æрмæстдæр мæрддзæгтæ.
7Уыимæ ма, Йесойы сæр баст кæмæй уыди,
уыцы хæцъил дæр мæрддзæгтимæ нæ, фæлæ
æндæр ран хицæнæй тыхт уыди. 8Уæд, раз-
дæр чи æрбахæццæ ис, уыцы ахуыргæнинаг
дæр зæппадзмæ мидæмæ бахызти æмæ,
алцыдæр йæхи цæстæй куы федта, уæд æй
бауырныдта. 9Уымæн æмæ уыдон уæдмæ
Сыгъдæг Фыстæй нæма æмбæрстой, Йесо
мæрдтæй кæй хъуамæ райгас уа, уый.

10Ахуыргæнинæгтæ аздæхтысты сæхимæ.

11Мариа та лæууыди зæппадзы цур æмæ
куыдта. Кæугæйæ æргуыбыр кодта зæппадз-
мæ, æмæ федта, 12Йесойы мард кæм æвæрд
уыди, уым дыууæ зæды урс дарæсы бадгæ, сæ
иу — Йæ нывæрзæны, иннæ — Йæ дæлфæдты
'рдыгæй. 13Уыдон æй бафарстой: «Хорз ус, цæ-
уыл кæуыс?» Мариа сын дзуапп радта: «Мæ
Хицауы мын ахастой æмæ Йæ кæм бавæрдтой,
уый нæ зонын». 14Афтæ куы загъта, уæд фæс-
тæмæ фæкаст, æмæ Йесойы йæ разы лæугæйæ
ауыдта, фæлæ Йесо кæй у, уый нæ базыдта.

15Йесо йын загъта: «Хорз ус, цæуыл кæуыс?
Кæй агурыс?» Мариа æнхъæл уыди, Уый
дыргъдонгæс у, æмæ Йын загъта: «Хорз лæг,
кæд Æй ды рахастай, уæд Æй кæм бавæрдтай,
уый мын зæгъ æмæ Йæ æз ахæссон». 16Йесо
йын загъта: «Мариа!» Мариа Йæм разылди
æмæ Йæм дзуттагау сдзырдта: «Раввуни!»
(ома Ахуыргæнæг). 17Йесо йын загъта: «Ма
Мыл бандзæв, уымæн æмæ Æз Мæ Фыдмæ
нæма ссыдтæн. Фæлæ ацу Ме 'фсымæртæм
æмæ сын зæгъ: „Цæуын Мæ Фыдмæ æмæ уæ
Фыдмæ, Мæ Хуыцаумæ æмæ уæ Хуыцаумæ“».

18Магдалæйаг Мариа ацыди æмæ ахуыр-
гæнинæгтæн радзырдта, Хицауы кæй федта
æмæ йын Уый цы загъта, уыдæтты тыххæй.

19Уыцы бон изæрæй, къуырийы фыццаг
бон, ахуыргæнинæгтæ æмбырдæй уыдысты
иумæ. Иудейæгтæй тарстысты æмæ дуæрттæ
сæхгæдтой. Уæд уатмæ æрбацыди Йесо, æр-
лæууыди сæ разы æмæ загъта: «Фæрнæйдзаг
ут!» 20Æмæ сæм Йæ къухтæ æмæ Йæ фарс
равдыста. Ахуыргæнинæгтæ Хицауы куы
федтой, уæд Ыл ныццин кодтой.

21Йесо та сын дыккаг хатт загъта: «Фæр-
нæйдзаг ут! Мæ Фыд Мæн куыд рарвыста,
афтæ Æз дæр сымах æрвитын». 22Уыцы ны-
хæсты фæстæ сыл бафу кодта æмæ сын загъ-
та: «Схайджын ут Сыгъдæг Удæй. 23Сымах
йæ тæригъæдтæ кæмæн ныббарат, уымæн
барст уыдзысты, кæмæн сæ нæ ныббарат,
уымæн барст нæ уыдзысты».

24Йесо куы æрбацыд, уæд дыууадæсæй
иу, Фома, фæсномыгæй — Фаззон, семæ нæ
уыд. 25Иннæ ахуыргæнинæгтæ йын загъ-
той: «Мах федтам Хицауы». Фæлæ сын уый
дзуапп радта: «Йæ къухтыл зæгæлы фæдтæ
куынæ фенон, ме 'нгуылдз уыцы хъæдгæмт-
тыл куынæ авæрон, мæ къух та — Йæ фарсы
хъæдгомыл, уæд мæ нæ бауырндзæн».

26Аст боны фæстæ та ахуыргæнинæгтæ
уыдысты хæдзары, Фома дæр — семæ. Ду-
æрттæ æхгæд уыдысты, афтæмæй æрбацыди
Йесо, æрлæууыди сæ астæу æмæ загъта:
«Фæрнæйдзаг ут!» 27Стæй Фомамæ дзуры:
«Æрбадар-ма де 'нгуылдз æмæ Мын бавнал
Мæ къухтæм. Æрбадар дæ къух æмæ Мын
бавнал Мæ фарсы хъæдгоммæ. Æмæ ды-
зæрдыг мауал кæн, фæлæ бауууæнд». 28Æмæ
уæд Фома ныхъхъæр кодта: «Мæ Бардарæг
æмæ Мæ Хуыцау!» 29Йесо йын загъта: «Ды
баууæндыдтæ, уымæн æмæ Мæ федтай. Тæ-
худиаг сты, Мæн чи нæ федта, афтæмæй чи
баууæндыди, уыдон».

30Ацы чиныджы сæ кой дæр кæмæн нæй,
бирæ ахæм диссæгтæ ма равдыста Йесо Йæ
ахуыргæнинæгтæн. 31Ацы чиныг та уы-
мæн фыст æрцыд, цæмæй баууæндат, Йесо

**19:39** Фондзыссæдз джиранкайы — 30 килограммы бæрц.

Хуыцауы Фырт, Чырысти кæй у, ууыл. Æмæ
куы æууæндат, уæд Йæ фæрцы схайджын
уыдзыстут мыггагмæйы цардæй.

**21** Уый фæстæ та Йесо ногæй фæзынди Йæ
ахуыргæнинæгтæм. Уый уыди Тивериадæйы
денджызы был. Хабар уыди афтæ.
2Симон Петр, фæсномыгæй Фаззон кæй
хуыдтой, уыцы Фома, галилейаг Канæйæ
чи уыди, уыцы Нафанаил, Зеведейы фырт-
тæ æмæ ма ноджы Йесойы дыууæ æндæр
ахуыргæнинаджы уыдысты иумæ. 3Уæд
сæм Симон Петр дзуры: «Æз кæсаг ахсынмæ
цæуын». Уыдон ын загътой: «Мах дæр демæ
цæуæм». Ацыдысты æмæ бæлæгъы сбад-
тысты, фæлæ уыцы æхсæв ницы æрцахстой.
4Боныцъæхтыл Йесо лæууыди денджызы
былгæрон, фæлæ ахуыргæнинæгтæ Йесо-
йы нæ базыдтой. 5Йесо сæ бафарста: «Исты
æрцахстат, мæ хæлæрттæ?» Уыдон Ын дзу-
апп радтой: «Ницы». 6Уый сын загъта: «Хыз
баппарут бæлæгъæн йæ рахизфарс æмæ
æрцахсдзыстут». Уыдон хыз баппæрстой,
æмæ сын уый бæрц кæсæгтæ æрцахста, æмæ
йæ сæ бон раласын нæ уыд.
7Йесойы уарзон ахуыргæнинаг загъта Пет-
рæн: «Ай Бардарæг у». Симон Петр, Бардарæг
у, зæгъгæ, куы фехъуыста, уæд йæ пæлæз ро-
нæй æрбалвæста (æндæр ыл ницы уыд) æмæ
йæхи денджызмæ фехста. 8Иннæ ахуыргæ-
нинæгтæ та кæсæгтæй йедзаг хыз сæ фæдыл
ластой, афтæмæй бæлæгъы æрбаздæхтысты;
былмæ сæ бирæ нæ хъуыди — дыууæсæдæ
æлмæрины бæрц.
9Былмæ куы рахызтысты, уæд кæсынц,
æмæ арт цæхæрæй судзы, зынджыты уæ-
лæ — кæсаг, йæ фарсмæ та — дзул. 10Йесо
сын загъта: «Уæ ногахст кæсæгтæй дæр ма
иу цалдæр рахæссут». 11Симон Петр бæлæгъ-
мæ бахызти æмæ хыз былмæ раласта. Хыз
йедзаг уыди стыр кæсæгтæй — æдæппæтæй
уыдысты сæдæ фæндзай æртæ, фæлæ уый
бæрц кæсæгты уæзæй хыз нæ аскъуыд. 12Йесо
сын загъта: «Рацæут æмæ аходæн бахæрут».
Ахуыргæнинæгтæй Йæм йæ ныфс, Чи дæ,
зæгъгæ, бафæрсынмæ ничи бахаста. Уы-
дон базыдтой, Бардарæг кæй у, уый. 13Йесо
бацыди, райста дзул æмæ сæм æй радта,
стæй кæсаг дæр.
14Мæрдтæй райгасы фæстæ Йесо ныр æр-
тыккаг хатт фæзынди Йæ ахуыргæнинæгтæм.
15Аходæн куы бахордтой, уæд Йесо Симон
Петры фæрсы: «Иоанны фырт Симон, адон
Мæ цас уарзынц, ды Мæ уымæй фылдæр
уарзыс?» Петр Ын дзуапп радта: «О Барда-
рæг! Ды зоныс, æз Дæ кæй уарзын, уый».
Йесо Йын загъта: «Хиз Мæ уæрыччыты».
16Дыккаг хатт дæр та йæ бафарста: «Ио-
анны фырт Симон, уарзыс Мæ?» Петр Ын
дзуапп радта: «О Бардарæг! Ды зоныс, æз
Дæ кæй уарзын, уый». Йесо йын загъта:
«Фыййау у Мæ фыстæн». 17Æртыккаг хатт
æй бафарста: «Иоанны фырт Симон, уар-
зыс Мæ?» Æмæ йæ æртыккаг хатт, уарзыс
Мæ, зæгъгæ, кæй бафарста, уый тыххæй
Петр фенкъард ис æмæ Йын дзуапп радта:
«Бардарæг, Ды алцыдæр зоныс. Ды зоныс,
æз Дæ кæй уарзын, уый». Йесо йын загъта:
«Хиз Мын Мæ фысты.
18Æцæг цы у, уый дын зæгъын: ды æрыгон
куы уыдтæ, уæд-иу дæ рон дæ астæуыл дæ-
хædæг æрбабастай æмæ дæ кæдæм фæндыди,
уырдæм-иу ацыдтæ. Фæлæ куы базæронд
уай, уæд дæ къухтæ размæ радардзынæ,
æндæр исчи дын дæ астæуыл дæ рон æрба-
бæтдзæн æмæ дæ акæндзæни, кæдæм дæ
нæ фæнда, уырдæм».
19Уыцы ныхæстæй Йесо фæсномыгæй бам-
барын кодта, Петр Хуыцауы цавæр мæлæтæй
скадджын кæндзæни, уый. Æмæ йын уый
фæстæ загъта: «Мæ фæдыл цу».
20Петр фæстæмæ фæкасти æмæ Йесойы
уарзон ахуыргæнинаджы федта сæ фæдыл
цæугæ. Уый уыди уыцы ахуыргæнинаг, æх-
сæвæры рæстæг Йесомæ йæхи чи бакъул
кодта æмæ Йæ афтæ чи бафарста: «Хицау,
гадзрахатæй Дыл чи рацæудзæн?» 21Петр
æй куы федта, уæд Йесойы бафарста: «Хи-
цау, æмæ уый та цы фæуыдзæн?» 22Йесо
йын загъта: «Кæд æмæ Мæн афтæ фæнды,
цæмæй уый Ме ’рцыдмæ удæгас уа, уæд
та? Ды цу Мæ фæдыл». 23Æмæ айхъуыс-
ти æфсымæртыл, уыцы ахуыргæнинаг нæ
амæлдзæни, зæгъгæ. Йесо та, нæ амæлдзæ-
ни, зæгъгæ, нæ загъта, фæлæ: «Кæд Мæн
афтæ фæнды, æмæ Ме ’рцыдмæ удæгас
уа, уæд та?»
24Уыцы ахуыргæнинаг æвдисæн у æп-
пæт уыдæттæн, æмæ сæ фысгæ дæр уый
ныккодта. Æмæ мах зонæм, йæ ныхас æцæг
кæй у, уый.
25Йесо ма ноджы бирæ æндæр хъуыд-
дæгтæ сарæзта, фæлæ се ’ппæты тыххæй
бæстон ныффысс, зæгъгæ, уæд уыцы чин-
гуытæ, мæнмæ гæсгæ, æгас дунейы дæр нæ
бацæуиккой.

**21:8** 200 æлмæрины – 100 метры бæрц.

# Апостолты хъуыддӕгтӕ

Ацы чиныг, традицимӕ гӕсгӕ, хонынц дохтыр Лукайы, апостол Павелы ӕмбӕлццоны, фыст, йӕ Евангели дарддӕр ахӕццӕ кӕныны нысанимӕ. Чиныджы дзырдӕуы, Ромы империйы чырыстон аргъуан куыд фӕзынд ӕмӕ рапарахат ис, уый тыххӕй.

Фыццаг хайы (1–7 сӕртӕ) ныхас цӕуы, Йерусалим, Иудей ӕмӕ Самарийы чырыстон ӕхсӕнӕдты фыццаг райрӕзт Петр ӕмӕ иннӕ апостолты (н. д. а. 3-ӕм азты) уацамынды фӕрцы кӕй бантысти, ууыл.

Дыккаг хай (8–28 сӕртӕ) дзуры, Фарны Уац Палестинӕйы арӕнтӕй суанг Ромы онг куыд анхъӕвзта, стӕй чырыстон дин алы адӕмты минӕвӕрттӕ дӕр исын куыд райдыдтой, уый тыххӕй. Фӕндзайоны бон уырнджытӕ цы Сыгъдӕг Удӕй схайджын сты, Уый аудыдта чырыстон ӕхсӕнадыл ӕмӕ йӕ фидар кодта.

Уыцы рӕстӕг (н. д. 40–60 азты) чырыстон дины сӕйраг уацамонӕг уыдис Павел, кӕд йе 'рыгоны бонты уыцы дины ныхмӕ карзӕй лӕууыди, уӕддӕр. Павел зылдис Хӕстӕг Скӕсӕны зӕххытыл ӕмӕ сын хаста Чырыстийы ахуырад, фӕлӕ Европӕмӕ куы бафтыд, уӕд йемӕ баиу ис Лука йӕхӕдӕг дӕр ӕмӕ сси йӕ зӕрдиаг ӕххуысгӕнӕг.

Чиныг фӕвӕййы, Павел Роммӕ императоры тӕрхоны раз ӕрлӕууынмӕ куы ацыди, уыцы цауыл. Рагон историкты фыстытӕм гӕсгӕ, Павел тӕрхоны фӕстӕ уӕгъдгонд ӕрцыдис ӕмӕ Фарны Уац Ромӕй ныгуылӕнӕрдӕм дарддӕр ахаста. Фӕлӕ та йӕ цалдӕр азы фӕстӕ ромаг хицӕуттӕ ногӕй ахӕстоны бакодтой, ӕмӕ ацы хатт нал аирвӕзти – чырыстон дин кӕй парахат кодта, уый тыххӕй йӕ амардтой.

---

**1** Мӕ фыццаг чиныджы, Феофил, ӕз ныффыстон, Йесо цы куыиста ӕмӕ цӕуыл ахуыр
кодта, ӕппӕт уыдӕттӕ сӕ райдианӕй, 2суанг, Йе 'взӕрст апостолтӕн Сыгъдӕг Уды
фӕрцы бардзырдтӕ куы радта ӕмӕ уӕлӕрвтӕм куы ссыди, уыцы боны онг.
3Йӕ хъизӕмӕртты фӕстӕ Йесо бирӕ хӕттыты фӕзындис апостолтӕм ӕмӕ сын бирӕ
ӕвдисӕйнӕгтӕй равдыста, ӕцӕг кӕй райгас, уый. Йӕхи сын уынын кодта дыууиссӕдз
боны дӕргъы ӕмӕ сын дзырдта Хуыцауы Паддзахады тыххӕй.
4Иуахӕмы сӕ ӕрӕмбырд кодта ӕмӕ сын бафӕдзӕхста: «Йерусалимӕй макӕдӕм
ацӕут, фӕлӕ ӕнхъӕлмӕ кӕсут, Фыд уын зӕрдӕ цӕмӕй бавӕрдта ӕмӕ уын Ӕз цӕй
тыххӕй дзырдтон, уымӕ.
5Уымӕн ӕмӕ Иоанн аргъуыдта донӕй, сымах та цалдӕр боны фӕстӕ аргъуыд ӕрцӕудзыстут Сыгъдӕг Удӕй».
6Апостолтӕ иумӕ куы ӕрбамбырд сты, уӕд Ӕй бафарстой: «Бардарӕг, Израилы
паддзахад ногӕй ныр сфидар кӕндзынӕ?»
7Уый сын загъта: «Сымахӕн не 'мбӕлы, Мӕ Фыд Йӕ бартӕм гӕсгӕ цы афонтӕ ӕмӕ
ӕмгъуыдтӕ снысан кодта, уыдон зонын.
8Фӕлӕ Сыгъдӕг Удӕй куы схайджын уат, уӕд уӕм фӕзындзӕни тых, ӕмӕ Мын
ӕвдисӕнтӕ уыдзыстут Йерусалимы ӕмӕ ӕгас Иудейы, Самарийы ӕмӕ суанг арвы
кӕрӕттӕм».
9Уыцы ныхӕсты фӕстӕ Йесойы систӕуыд уӕлӕрвтӕм, ӕмӕ йӕ ӕврагъ бамбӕхста.
10Нал сӕм зынди, фӕлӕ ма уӕддӕр арвмӕ кастысты ӕдзынӕг. Ӕваст сӕ разы февзӕрдысты дыууӕ лӕджы, урс-урсид дарӕсы,
11ӕмӕ загътой: «Галилейӕгтӕ, цы лӕуут ӕмӕ арвмӕ цы кӕсут? Сымахӕй уӕлӕрвтӕм Кӕй систӕуыд, Уыцы Йесо уӕ цӕсты
раз уӕларвмӕ куыд ссыд, фӕстӕмӕ дӕр афтӕ ӕрыздӕхдзӕн».
12Уыйадыл апостолтӕ уырдыгӕй, Елеоны хохӕй, фӕстӕмӕ Йерусалиммӕ ӕрбаздӕхтысты; уыцы хох Йерусалиммӕ хӕстӕг
у – сабаты бонцау.
13Куы ӕрбаздӕхтысты, уӕд уӕллаг уатмӕ ссыдысты ӕмӕ уым баззадысты – Петр ӕмӕ
Иоанн, Йаков ӕмӕ Андрей, Филипп ӕмӕ Фома, Варфоломей ӕмӕ Матфей, Алфейы фырт
Йаков, Симон Зилот ӕмӕ Йаковы ӕфсымӕр
Иудӕ. 14Се 'ппӕт дӕр, семӕ – сылгоймӕгтӕ,
Йесойы мад Мариа ӕмӕ Йе 'фсымӕртӕ –
иудадзыг ӕмзӕрдӕйӕ куывтой.
15Уыцы бонты Петр ӕрлӕууыд ӕфсымӕрты раз 16(ӕртӕсӕдӕ дыууын адӕймаджы

**1:4** Кӕнӕ: «Иуахӕмы сын, семӕ сихор хӕргӕйӕ…»
**1:12** *Сабаты бонцау* – иу километры бӕрц. Ӕгъдаумӕ гӕсгӕ, уый бӕрц ацӕуыны бар уыди дзуттӕгтӕн сабаты.

бæрц æрæмбырд ис) æмæ загъта: «Æфсы-
мæртæ! Хъуамæ сæххæст уыдаид Сыгъдæг
Фыст — Сыгъдæг Уд Иудæйы тыххæй развæл-
гъау Давиды уылты цы загъта, уый: Иудæ,
Йесойы фæдыл чи зылд, уыдоны йæ фæдыл
кæй æрбакæндзæн. [17]Афтæмæй уый уыдис
махæй æмæ архайдта нæ лæггады.
[18]Йæ фыдракæндæн цы æхца райста, уы-
мæй зæхх балхæдта, фæлæ сæрбынмæ æр-
хауди, æмæ йæ гуыбын атыдта, йæ хуылфы-
дзаумæттæ ракалдысты æддæмæ. [19]Хабар
Йерусалимы цæрджытыл айхъуыст, æмæ
уыцы бынат схуыдтой „Акелдама“, ома „Ту-
гæйдзаг зæхх“. [20]Псаломты чиныджы та
фыст ис:

„Йæ цæрæнуат гæныстон фæуæд,
цæрæг дзы мауал баззайæд“.

Æмæ ма ноджы:

„Йæ бынат ын бацахсæд æндæр“.

[21]Уæдæ нæ равзарын хъæуы, Бардарæг
Йесо не ’хсæн куы царди, уæд — [22]Иоан-
ны аргъуыды заманæй Йесойы уæлæрвтæм
систы онг — иудадзыг немæ чи уыд, уыцы
лæгтæй иуы. Уый дæр махау хъуамæ æвди-
сæн уа Йесойы райгасæн».
[23]Бахастой фæндон дыууæйы — фæсномы-
гæй Варсавæ кæнæ Иуст кæй хуыдтой, уыцы
Йосефы, æмæ Матфийы тыххæй. [24]Æмæ
скуывтой: «Бардарæг, Ды алкæй зæрдæ дæр
зоныс. Равдис нын, сæ дыууæйæ ацы лæгга-
дæн кæй равзæрстай, уый, [25]цæмæй, чи йæ
ныууагъта æмæ йе ’цæг дунемæ чи ацыд,
уыцы Иудæйы бæсты суа Дæ апостол».
[26]Хæлттæ сæппæрстой, Матфийы хал
схаудта, æмæ иуæндæс апостолимæ бам-
бал ис.

**2** Къуыриты бæрæгбон ралæууыд, æмæ иу-
уылдæр иумæ æрæмбырд сты. [2]Æвиппайды
цыма уаддымгæ сыстад, ахæм уынæр æры-
хъуыст уæлæрвтæй, æмæ, кæм бадтысты,
уыцы хæдзар æгасæй дæр уынæрæй байдзаг.
[3]Æмæ арты æвзæгты хуызæн цыдæр ауыд-
той; уыцы æвзæгтæ кæрæдзийæ фæхицæн
сты, æмæ дзы алкæуыл дæр фæйнæ абадти.
[4]Се ’ппæт дæр схайджын сты Сыгъдæг Удæй
æмæ райдыдтой алы æвзæгтыл дзурын, Уд
сæ куыд арæзта, афтæ.
[5]Уыцы рæстæг Йерусалимы уыди дин-
гæнæг иудейæгтæ алы бæстæтæй, дунейы
алы кæрæттæй, [6]æмæ уынæрмæ бирæ адæм
æрбамбырд ис. Сæхи æвзæгтыл дзургæ сæ
куы фехъуыстой, уæд дисы бафтыдысты
[7]æмæ дисгæнгæ фарстой: «Чи дзуры, уыдон
иууылдæр галилейæгтæ не сты, æви? [8]Уæдæ
сæ махæй алчидæр йæ мадæлон æвзаг куыд
хъусы? [9]Не ’хсæн ис парфиæгтæ, мидиæгтæ
æмæ еламæгтæ, Месопотамийы, Иудей æмæ
Каппадокийы, Понт æмæ Азийы, [10]Фриги
æмæ Памфилийы, Мысыр æмæ Ливийы, Ки-
ренæйы алфамбылай цæрджытæ, ромæгтæ,
[11]иудейæгтæ æмæ Хуыцауыл бауæндæг
муртаттæгтæ, критæгтæ æмæ араббæгтæ.
Æмæ не ’ппæт дæр хъусæм, Хуыцауы стыр
хъуыддæгты тыххæй нын нæхи æвзæгтыл
куыд дзурынц, уый!»
[12]Иууылдæр рохстæй аззадысты æмæ кæ-
рæдзийы дисгæнгæ фарстой: «Уый, цымæ,
цы уа?»
[13]Уыдис, худгæ сыл чи кодта, ахæмтæ дæр:
«Адджын сæнæй сæхимæ æгæр фæкастысты».
[14]Уæд Петр иннæ иуæндæс апостолимæ
æрлæууыд адæмы раз æмæ сын, алчидæр
æй куыд хъуса, афтæ хъæрæй дзурын рай-
дыдта: «Иудейæгтæ æмæ Йерусалимы æппæт
цæрджытæ! Лæмбынæг мæм æрбайхъусут
æмæ йæ бамбарат. [15]Сымах куыд æнхъæл
стут, хъуыддаг афтæ нæу: ацы адæм нозт-
джын не сты — нырма боны æртыккаг сахат
у. [16]Фæлæ, пехуымпар Иоел рагагъоммæ кæй
загъта, уый сæххæст ис:

[17] „Æмæ рæстæджыты кæрон, — зæгъы
Хуыцау, —
Æз æппæт адæмы схайджын кæндзы-
нæн Мæ Удæй.
Пехуымпариуæг кæндзысты
уæ фырттæ æмæ уæ чызджытæ;
уæ лæппутæ уындзысты
цæстылуайæнтæ;
уæ хистæртæ та — Мæ лæвæрд фынтæ.
[18] Уыцы бонты суанг Мæ цагъарты —
нæлгоймагæй, сылгоймагæй —
Æз схайджын кæндзынæн Мæ удæй,
æмæ пехуымпариуæг кæндзысты.
[19] Равдисдзынæн диссæгтæ уæле, арвыл,
æмæ æвдисæйнæгтæ бынæй, зæххыл:
туг, арт æмæ фæздæджы
къуыбылæйттæ.
[20] Хур баталынг уыдзæн
æмæ мæй туджы хуызæн суыдзæн —
Бардарæджы стыр æмæ кадджын Бо-
ны размæ.
[21] Æмæ уыдзæн афтæ:
Бардарæджы ном чидæриддæр ссара,
уый фервæздзæн“.

[22]Израилæгтæ, байхъусут, Назаретаг Йе-
сойы тыххæй уын цы зæгъдзынæн, уымæ:

**2:15** Сахæттæ амынд сты рагон нымадæй; ацы ран «боны æртыккаг сахат» амоны райсомы фараст сахаты.

Хуыцау Ӕй кӕй рарвыста, ууыл дзурӕг сты,
уӕ цӕстыты раз Хуыцау Йӕ фӕрцы цы стыр
хъуыддӕгтӕ, диссӕгтӕ ӕмӕ ӕвдисӕйнӕг-
тӕ равдыста, уыдон. 23Хуыцау рагацау куыд
бауынаффӕ ӕмӕ снысан кодта, афтӕ Йӕ
сымах муртаттӕгты къухӕй байтыгътат
дзуарыл ӕмӕ Йӕ амардтат. 24Фӕлӕ Хуыцау
арӕдывта мӕлӕты рӕхыстӕ ӕмӕ Йӕ райгас
кодта — мӕлӕтӕн Ӕй йӕ бон бауромын нӕ
уыд. 25Давид Йесойы тыххӕй афтӕ зӕгъы:

„Бардарӕг мӕ цӕстыты раз ис
ӕдзухдӕр;
Уый мӕ рахизфарс ис —
ӕз нӕ фӕцудздзынӕн.
26 Уымӕн райы мӕ зӕрдӕ,
мӕ былалгъыл — цин;
суанг мӕ буар дӕр зӕрдӕдаргӕйӕ
ӕрӕнцайдзӕн,
27 уымӕн ӕмӕ Ды мӕн
нӕ ныууадздзынӕ мӕрдтыбӕсты,
Дӕ Сыгъдӕджы нӕ бауадздзынӕ
ӕмбийын.
28 Ды мын бацамыдтай царды
фӕндӕгтӕ,
Дӕ цӕсгомы раз мӕ байдзаг кӕндзы-
нӕ цинӕй“.

29Ме ’фсымӕртӕ, мӕ ныфс хӕссын сы-
махӕн нӕ рагфыдӕл Давиды тыххӕй зӕ-
гъынмӕ: уый амард, ӕрцыди ныгӕд ӕмӕ
йӕ зӕппадз абон дӕр бӕлвырд у. 30Давид
пехуымпар уыд ӕмӕ зыдта:

Хуыцау ын расомы кодта,
йӕ паддзахы бадӕн ын йӕ
байзӕддагӕн
кӕй ратдзӕн.

31Давид уыдта фидӕн, ӕмӕ йӕ ацы ны-
хӕстӕ Чырыстийы райгасы тыххӕй сты:

„Хуыцау Ӕй нӕ ныууадздзӕн
мӕрдтыбӕсты,
Йӕ буар нӕ бамбийдзӕн“.

32Йесойы Хуыцау райгас кодта, ӕмӕ уы-
мӕн мах не ’ппӕт дӕр стӕм ӕвдисӕнтӕ.
33Йесо ист ӕрцыд Хуыцауы рахизфарсмӕ,
ӕмӕ Йӕ Фыдӕй райста, зӕрдӕ Йын Кӕмӕй
бавӕрдӕуыд, уыцы Сыгъдӕг Уды ӕмӕ дзы
схайджын кодта адӕмы, сымах ныртӕккӕ
куыд уынут ӕмӕ хъусут, афтӕ. 34Давид уӕ-
лӕрвтӕм не ссыди, фӕлӕ уый зӕгъы:

„Дунедарӕг загъта мӕ Бардарӕгӕн:
сбад Мӕ рахизфарс,
35 ӕмӕ Дын Ӕз Де знӕгты
Дӕ къӕхты бын ӕрӕвӕрдзынӕн“.

36Уӕдӕ ӕппӕт израилаг адӕм фидарӕй
зонӕнт: сымах Кӕй байтыгътат, уыцы Йесо-
йы Хуыцау скодта Бардарӕг ӕмӕ Чырысти».

37Адӕм уый куы фехъуыстой, уӕд зӕр-
дӕдзӕф фесты, ӕмӕ фарстой Петры ӕмӕ
иннӕ апостолты: «Цы гӕнгӕ нын у, не
’фсымӕртӕ?»

38Петр сын дзуапп радта: «Ӕрфӕсмон
кӕнут уӕ тӕригъӕдтыл, ӕмӕ уын цӕмӕй
хатыргонд ӕрцӕуой, уый тыххӕй уӕ ал-
чидӕр Йесо Чырыстийы номыл аргъуыд
райсӕд, ӕмӕ уӕд Сыгъдӕг Удӕй схайджын
уыдзыстут. 39Уымӕн ӕмӕ Хуыцау зӕрдӕ
бавӕрдта сымахӕн ӕмӕ уӕ цотӕн, стӕй,
дард чи у — нӕ Бардарӕг Хуыцау кӕмӕ сиды,
ӕппӕт уыдонӕн». 40Петр сын дзырдта бирӕ
ӕндӕр ныхӕстӕ ӕмӕ сӕм сидти: «Уӕхи ба-
хизут ацы хӕлд фӕлтӕримӕ фесӕфынӕй».

41Ӕмӕ йын йӕ ныхасыл чи баууӕндыд,
уыдоныл саргъуыдӕуыд, ӕмӕ уыцы бон
уырнджытыл бафтыд ӕртӕ мин адӕймаджы
бӕрц. 42Уыдон фидар хӕцыдысты апос-
толты ахуырадыл, иумӕ уыди сӕ дзулсаст
ӕмӕ кувгӕ дӕр иумӕ кодтой. 43Апостолты
фӕрцы-иу сарӕзтӕуыд бирӕ диссӕгтӕ ӕмӕ
ӕвдисӕйнӕгтӕ, ӕмӕ алы адӕймагмӕ дӕр
уыди Хуыцауы тас. 44Уырнджытӕ се ’ппӕт
дӕр уыдысты ӕмуд-ӕмвӕнд, сӕ исбон дӕр
иумӕйаг уыд. 45Уӕй кодтой сӕ мулк ӕмӕ
ӕхца уӕрстой алкӕуыл дӕр, чи цас хъуаг
ӕййӕфта, уымӕ гӕсгӕ. 46Алы бон дӕр-иу
ӕмзӕрдӕйӕ ӕрӕмбырд сты Кувӕндоны;
сыгъдӕгзӕрдӕйӕ, цинимӕ уыди сӕ хӕрд
куы иу хӕдзары, куы иннӕйы. 47Кад кодтой
Хуыцауӕн ӕмӕ ӕппӕт адӕмӕн уыдысты
уарзон; Бардарӕг Йесо та сын сӕ нымӕцыл
ӕрвылбон ӕфтыдта, ӕрвыста сӕм, кӕй ир-
вӕзын кодта, уыдоны.

**3** Кувыны афон, фарӕстӕм сахатыл, Петр
ӕмӕ Иоанн фӕцӕйцыдысты Кувӕндонмӕ.
2Рӕсугъд кӕй хуыдтой, Кувӕндоны уыцы
кулдуары раз бадти, мады гуыбынӕй цӕн-
куыл чи рахаста, ахӕм лӕг. Алы бон дӕр-иу
ӕй ӕрхастой ӕмӕ уым ныууагътой, цӕмӕй
Кувӕндонмӕ цӕуджытӕй ӕхца кура. 3Петр
ӕмӕ Иоанны куы федта Кувӕндонмӕ ба-
цӕуӕны, уӕд уыдонмӕ дӕр лӕгъстӕгӕнгӕ
бахатыд. 4Петр ӕмӕ йӕм Иоанн ӕдзынӕг
ныккастысты, ӕмӕ йын Петр загъта: «Ӕр-
бакӕс-ма нӕм».

5Уый сӕм скасти, кӕд мын исты раттик-
кой, зӕгъгӕ. 6Фӕлӕ йын Петр загъта: «Ӕв-
зист ӕмӕ мӕм сыгъзӕрин нӕй, фӕлӕ дын
дӕттын, цы мӕм ис, уый: Назаретаг Йесо
Чырыстийы номыл сыст ӕмӕ райдай цӕ-
уын». 7Петр ын рахӕцыд йӕ рахиз къухыл
ӕмӕ йӕ слӕууын кодта. Уыцы тӕккӕ уысм

тых бацыди рынчыны дыууæ къахы фады
æмæ йæ уæрджыты, 8алæууыд йæ къæх-
тыл æмæ райдыдта цæуын. Кувæндонмæ
семæ фæраст ис æмæ, Хуыцауы стаугæйæ,
рауай-бауай æмæ гæппытæ кодта. 9Куыд
рауай-бауай кодта æмæ Хуыцауæн куыд
кад кодта, уый адæм иууылдæр уыдтой.
10Базыдтой йæ: Кувæндоны Рæсугъд дуары
цур цы мæгуыргур лæг уыди, уый у. Цы йыл
æрцыди, уый сæ дисы бафтыдта.

11Чи сдзæбæх, уыцы цæнкуыл Петр æмæ
Иоанны уæгъд куынæуал уагъта, уæд сæм
æппæт адæм дисгæнгæ æрбазгъордтой,
Соломоны тыргъ кæй хуыдтой, уырдæм.
12Петр уый куы федта, уæд загъта адæмæн:
«Израилæгтæ, цы йыл дис кæнут æмæ нæм
цы ныккастыстут, цыма, йæ къæхтыл кæй
цæуы, уый нæхи хъаруйæ кæнæ, дингæн-
джытæ кæй стæм, уый руаджы бакодтам?
13Авраам, Исаак æмæ Йаковы Хуыцау, нæ
фыдæлты Хуыцау, скадджын кодта Йæ Лæг-
гадгæнæджы, сымах марынмæ Кæй радтат
æмæ, Пилаты Йæ рауадзын куы бафæндыд,
уæд йæ разы уæхи Кæуыл атигъ кодтат, Уыцы
Йесо Чырыстийы. 14Сыгъдæгыл æмæ Рæст-
гæнæгыл уæхи атигъ кодтат æмæ бахаты-
дыстут, цæмæй уын суæгъд кæной лæгмары,
15Царддæттæджы та амардтат. Фæлæ Йæ
Хуыцау мæрдтæй райгас кодта — мах уымæн
æвдисæн. 16Йесойы ном, мæнæ кæй уынут
æмæ хорз кæй зонут, уыцы лæгæн хъару
радта. Йесо цы уырныдзинад дæтты, уый
йæ уæ цæсты раз бынтондæр сæнæниз кодта.

17Æниу, ме ’фсымæртæ, æз зонын, уæ хи-
цæуттау сымах дæр Йесойæн афтæ уымæн
бакодтат, æмæ, цы ми кæнут, уый не ’мбæрс-
тат. 18Хуыцау пехуымпарты дзыхæй Чы-
рыстийы хъизæмæртты тыххæй рагагъом-
мæ куыд загъта, афтæ Йæ дзырд сæххæст
кодта. 19Уæдæ æрфæсмон кæнут, раздæхут
Хуыцаумæ, цæмæй уын барст æрцæуой уæ
тæригъæдтæ. 20Уæд уын Дунедарæг саккаг
кæндзæн сног кæныны рæстæджытæ æмæ
уын рарвитдзæни нысангонд Йесо Чырыс-
тийы. 21Уый хъуамæ уæлæрвты уа, Хуыцау
незаманы Йæ сыгъдæг пехуымпарты дзыхæй
куыд загъта, афтæ, цалынмæ алцыдæр сног
кæныны афон ралæууа, уæдмæ. 22Моисей
загъта нæ фыдæлтæн: „Дунедарæг, уæ Хуы-
цау, мæн куыд сæвæрдта, афтæ уын уе ’фсы-
мæртæй иуы скæндзæни Пехуымпар. Уый
уын цыдæриддæр зæгъа, уымæ-иу хъусут.
23Уыцы Пехуымпармæ чи нæ байхъуса, уый
йæ адæмы ’хсæнæй хъодыгонд æрцæудзæн“.
24Самуел æмæ йæ фæстæ иннæ пехуымпартæ
дæр иууылдæр абоны тыххæй дзырдтой.
25Сымах та пехуымпарты байзæддаг æмæ
фидыды бындартæ стут. Уыцы фидыд Хуы-
цау сарæзта уæ фыдæлтимæ. Уый загъта Ав-
раамæн: „Дæ байзæддаджы фæрцы зæххыл
арфæгонд уыдзысты æппæт адæмтæ дæр“.
26Хуыцау Йæ Фырты мæрдтæй куы райгас
кодта, уæд Æй фыццаг сымахмæ арвыста,
цæмæй уын Уый арфæ ракæна æмæ уæ ал-
чидæр йе ’взæр хъуыддæгтæ ныууадза».

**4** Петр æмæ Иоанн адæмимæ куы ныхас
кодтой, уæд сæм æрбацыдысты сауджынтæ,
Кувæндон хъахъхъæнджыты хицау æмæ сад-
дукейтæ. 2Мæстæй мардысты апостолтæм,
уымæн æмæ уыдон адæмы ахуыр кодтой
æмæ дзырдтой, Йесо куыд райгас ис, мæрдтæ
дæр афтæ райгас уыдзысты, зæгъгæ. 3Æр-
цахстой сæ æмæ сæ райсомы онг бакодтой
ахæстоны, уымæн æмæ баизæр. 4Апостол-
тæм чи хъуыста, уыдонæй та бирæтæ бау-
уæндыдысты, æмæ ныр уырнджыты нымæц
уыди фондз мины бæрц.

5Дыккаг бон Йерусалимы æрæмбырд сты
иудейаг хицæуттæ, хистæртæ, динамонджы-
тæ, 6алчер Анна, Каиафæ, Иоанн, Александр
æмæ алчеры иннæ къабæзтæ. 7Апостолты
æрлæууын кодтой сæ разы æмæ сæ фарс-
той: «Уый цавæр хъаруйæ кæнæ кæй номæй
бакодтат?»

8Уæд Петр Сыгъдæг Удæй разæнгардæй
загъта: «Адæмы хицæуттæ æмæ хистæртæ!
9Кæд нæ абон рынчын адæймагæн хорз ра-
кæныны æмæ йе сдзæбæхы тыххæй дзуапп
домут, 10уæд уе ’ппæтæн дæр æмæ æгас Из-
раилы адæмæн дæр зындгонд уæд: сымах
Кæй байтыгътат æмæ Хуыцау мæрдтæй Кæй
райгас кодта, уыцы Назаретаг Йесо Чырысти-
йы номы фæрцы ацы лæг уæ разы æнæнизæй
лæууы. 11Уый у,

„сымах, аразджытæ,
кæуыл нæ барвæссыдыстут,
фæлæ фисыны сæйраг дур чи сси“.

12Æндæр никæй бон у ирвæзындзинад
раттын, уымæн æмæ арвы бын иунæг æндæр
ном дæр нæй, фервæзæн нын кæй фæрцы
ис».

13Иудейаг хицæуттæ куы бакастысты, Петр
æмæ Иоанн куыд ныфсхаст сты, уымæ, стæй,
æнахуыргонд æмæ хуымæтæг адæймæгтæ
кæй сты, уый куы федтой, уæд раздæр бадис
кодтой, фæлæ стæй бамбæрстой, Йесоимæ
чи уыд, уыдонæй кæй уыдысты, уый. 14Чи
сдзæбæх ис, уыцы адæймаджы дæр уыд-
той сæ разы лæугæ æмæ апостолты ныхмæ

ницы зæгъын уыд сæ бон. 15Радтой сын си-
недрионæй æддæмæ рацæуыны бар æмæ
райдыдтой уынаффæ кæнын:
16«Цы бакæнæм ацы адæмæн? Æцæг диссаг
кæй равдыстой, уый Йерусалимы цæрджы-
тæ иууылдæр зонынц, æмæ йыл махæн дæр
æнæ басæтгæ нæй. 17Фæлæ цæмæй адæмыл
ноджы тынгдæр ма айхъуыса, уый тыххæй
сæм бартхъирæн кæнæм, нырæй фæстæ-
мæ Йесойы ном сæ дзыхæй куыд макæй
раз схауа».
18Ногæй сæ æрбакæнын кодтой æмæ сын
тызмæгæй загътой, цæмæй сæ ныхæстæ
ныууадзой æмæ, Йесойы номимæ цыдæрид-
дæр баст ис, уый кой мауал кæной. 19Фæлæ
сын Петр æмæ Иоанн дзуапп радтой: «Ахъу-
ыды-ма кæнут уæхæдæг, Хуыцауы коммæ
нæ, фæлæ уæ коммæ куы кæсæм, уæд уый
Хуыцаумæ раст фæкæсдзæн? 20Цы федтам
æмæ цы фехъуыстам, уый тыххæй нын æнæ
дзургæ нæй».
21Уыдон та сæм бартхъирæн кодтой æмæ
сæ рауагътой — апостолты бафхæрын сæ
бон нæ уыди, уымæн æмæ, цы æрцыди, уый
тыххæй адæм иууылдæр кад кодтой Хуыца-
уæн — 22диссаджы хуызы цы адæймаг сдзæ-
бæх, ууыл цыди дыууиссæдз азæй фылдæр.
23Петр æмæ Иоанны куы рауагътой, уæд
уыдон æрцыдысты сæхионтæм æмæ ра-
дзырдтой, алчертæ æмæ сын адæмы хис-
тæртæ цы загътой, уый. 24Уырнджытæ сæм
куы байхъуыстой, уæд æмзæрдæйæ ску-
ывтой Хуыцаумæ: «Дунедарæг — арв, зæхх,
денджыз æмæ сæ цыдæриддæр ис, уыдоны
Сфæлдисæг! 25Сыгъдæг Уды фæрцы Ды нæ
фыдæл æмæ дæ лæггадгæнæг Давиды дзы-
хæй загътай:

„Цæмæн змæнтынц муртаттæгтæ,
æмæ адæмтæ æнæпайда фæндыл
цы ныххæцыдысты?
26 Растадысты зæххон паддзæхтæ,
æрбамбырд сты иумæ барджынтæ
Дунедарæг æмæ Йæ Байсæрсты
ныхмæ“.

27Æмæ æцæгдæр æрбамбырд сты ацы са-
хары Ирод æмæ Понтий Пилат муртаттæг-
тæ æмæ Израилы адæмимæ Дæ байсæрст
сыгъдæг Лæггадгæнæг Йесойы ныхмæ,
28цæмæй сæххæст кæной, Дæ хъомыс æмæ
Дæ фæндонæй рагагъоммæ нысангонд цы
уыди, уый. 29Ныр сын, Дунедарæг, æркæс
се ’ртхъирæнтæм æмæ Дæ цагъартæн ратт
æхсар, цæмæй Дын æдæрсгæ хъусын кæной
Дæ Дзырд. 30Дæ къух радар æмæ Дæ сыгъдæг
Лæггадгæнæг Йесойы номæй дзæбæх кæн
рынчынты, æвдисæйнæгтæ æмæ диссæг-
тæ равдис».
31Куы скуывтой, уæд, кæм уыдысты, уыцы
бынат нынкъуысти, се ’ппæтыл дæр Сыгъдæг
Уд æртыхсти, æмæ æдæрсгæ хъусын кодтой
Хуыцауы ныхас.
32Цы бирæ адæм бауууæндыд, уыдон æм-
зæрдæ æмæ æмуд уыдысты. Мæ мулк мæхи
у, зæгъгæ, ахæм хъуыды сæ никæмæ уыдис,
алцыдæр сын иумæйаг уыди. 33Апостолтæ
та стыр тыхимæ æвдисæн лæууыдысты Бар-
дарæг Йесойы райгасæн, æмæ се ’ппæт дæр
хайджын уыдысты Хуыцауы стыр хорзæхæй.
34Хъуаг чи æййæфта, уырнджыты æхсæн
ахæм нæ уыд, уымæн æмæ, зæхх æмæ хæ-
дзæрттæ кæмæн уыд, уыдон сæ уæй кодтой
æмæ-иу æхца 35радтой апостолтæм; æхцайæ
та алкæмæн дæр лæвæрдæуыд йæ хъуæгтæм
гæсгæ. 36Зæгъæм, апостолтæ фæсномыгæй
Варнавæ (ома Ныфсдæттæг) кæй хуыдтой,
уыцы кипраг левит Йосефмæ уыди зæххы
хай. 37Ауæй йæ кодта, æрбахаста æхца æмæ
сæ апостолтæм радта.

**5** Уæд иу лæг, йæ ном — Ананиа, йæ ус Сап-
фирæимæ ауæй кодтой сæ мулк. 2Ананиа
æхцатæй иу цасдæр ныууагъта йæхицæн,
иннæ хай та æрбахаста æмæ сæ апостолтæм
радта. Кæй дзы басусæг кодта, уый зыдта йæ
ус дæр. 3Петр ын загъта: «Ананиа, сайтаны
дæ зæрдæмæ цæмæн бауагътай — Сыгъдæг
Удæн мæнг цæмæн загътай æмæ, дæ зæххæй
цы æхцатæ райстай, уыдонæй цæмæн басу-
сæг кодтай? 4Мыййаг, дæ мулк дæхи нæ уыд,
зæхх ауæй кæнынæй цы райстай, ууыл дæ
бар нæ цыди? Цæмæн дæм фæзынд асайы-
ны хъуыды? Ды асайдтай адæмы нæ, фæлæ
Хуыцауы». 5Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ,
Ананиа дзыхъмард фæци æмæ адæргъ ис
зæххыл. Уыцы хабар чи фехъуыста, уыдоны
стыр тас бацыди. 6Лæппутæ æрбацыдысты
æмæ йын йæ мард ныгæнынмæ æрцæттæ
кодтой, стæй йæ рахастой æмæ баныгæдтой.
7Æртæ сахаты фæстæ йæ ус дæр æрба-
хæццæ, ныр, цы æрцыди, уый та нæ зыдта.
8Петр æй бафарста: «Зæгъ-ма мын, ахæм
аргъыл ауæй кодтат уæ зæхх?» Уый дзуапп
радта: «О, ахæм аргъыл». 9Петр ын загъта:
«Бардарæджы Уды бафæлварын сфæнд код-
тат?! Дæ мойы дын чи баныгæдта, уыдон
фæстæмæ æрбацæуынц æмæ ныртæккæ
дæу дæр ахæсдзысты».
10Сапфирæ æваст æрхауд Петры къæх-
ты бынмæ æмæ йæ уд систа. Лæппутæ куы
бацыдысты, уæд æй баййæфтой мардæй,

рахастой йæ æмæ йæ баныгæдтой йæ мо-
йы фарсмæ. 11Æмæ стыр тас бацыд æгас
аргъуаны, стæй, уыцы хабар чидæриддæр
фехъуыста, уыдоны дæр.
12Апостолты фæрцы адæмæн æвдыст цыди
бирæ æвдисæйнæгтæ æмæ диссæгтæ. Æппæт
уырнджытæ-иу æмзæрдæйæ æрæмбырд
сты Соломоны тыргъы. 13Семæ баиумæ æд-
дагæттæй йæ ныфс ничи хаста, фæлæ сын
адæм кад кодтой. 14Æмæ фылдæрæй-фыл-
дæр кодтой Бардарæгыл æууæндджытæ — сæ
нымæцыл æфтыд бирæ нæлгоймæгтæ æмæ
сылгоймæгтæ. 15Адæм сæ рынчынты хастой
уынгтæм, æвæрдтой сæ хуыссæнтæ æмæ
сынтытыл, цæмæй дзы искæуыл сæ рæзты
цæуæг Петрæн йæ аууон уæддæр андзæва.
16Йерусалиммæ бирæ адæм цыди хæстæг
сахартæй дæр. Уыдон кодтой рынчынты,
стæй, æнæзæгъинæгтæ кæй хъыгдардтой,
ахæмты, æмæ-иу се 'ппæт дæр сдзæбæх сты.
17Алчер æмæ, йемæ чи уыди, уыдон иууыл-
дæр (ома саддукейты къорд) хæлæгæй мар-
дысты. 18Æрцахсын кодтой апостолты æмæ
сæ сахары ахæстоны бакодтой. 19Фæлæ Ду-
недарæджы зæд æхсæвы байгом кодта ахæс-
тоны дуæрттæ, æддæмæ сæ рауагъта æмæ
загъта: 20«Ацæут Кувæндонмæ æмæ адæмæн
ног царды тыххæй алцыдæр дзурут».
21Уыдон æм байхъуыстой, сæумæйæ ба-
цыдысты Кувæндонмæ æмæ ахуыр кодтой
адæмы. Алчер йе 'мбæлццæттимæ куы æр-
бацыд, уæд æрæмбырд кодтой синедрион,
ома Израилы адæмы æппæт хистæрты, æмæ
арвыстой ахæстонмæ — апостолты æрба-
кæнынмæ. 22Кувæндон хъахъхъæнджытæ
æрбацыдысты ахæстонмæ, фæлæ апостолты
уым не ссардтой. Уæд раздæхтысты æмæ
загътой: 23«Ахæстон баййæфтам, куыд æм-
бæлы, афтæ æхгæдæй, хъахъхъæнджытæ
лæууыдысты дуæртты цур, фæлæ сæ куы
байгом кодтам, уæд дзы никæй ссардтам».
24Кувæндон хъахъхъæнджыты хицау æмæ
алчертæ уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой,
уæд фæджих сты — цы æрцыд, уымæн ницы
æмбæрстой. 25Фæлæ æрбацыд иу чидæр æмæ
сын загъта: «Сымах ахæстоны кæй бакодтат,
уыцы лæгтæ ныртæккæ сты Кувæндоны æмæ
амонынц адæмæн».
26Уæд хъахъхъæнджыты хицау йæ дæл-
бартимæ ацыд æмæ сæ æрбакодтой æнæ
схуыстытæй, уымæн æмæ тарстысты, адæм
сыл апостолты тыххæй дурадзагъдæй куы
ралæууой, уымæй. 27Æрбакодтой апостолты
æмæ сæ æрлæууын кодтой синедрионы раз.
Алчер сæ бафарста:
28«Мах уын фидарæй нæ загътам, уыцы
Адæймаджы номæй адæмы мауал ахуыр
кæнут, зæгъгæ? Сымах та æгас Йерусали-
мы ахæлиу кодтат уæ ахуырад. Уыимæ ма
Йын Йæ мæлæт дæр хъуамæ мах æфсон
фæкæнат».
29Петр æмæ иннæ апостолтæ дзуапп рад-
той: «Адæмы коммæ нæ, фæлæ Хуыцауы
коммæ хъуамæ кæсæм. 30Сымах хъæдыл Кæй
æрцауыгътат æмæ амардтат, уыцы Йесойы
нæ фыдæлты Хуыцау райгас кодта. 31Хуыцау
Æй сбадын кодта Йæ рахизфарс, скодта Йæ
Фæтæг æмæ Ирвæзынгæнæг, цæмæй Изра-
илæн рардæуа фæсмон æмæ йын ныббарс-
тæуа йæ тæригъæдтæ. 32Æппæт уыдæттæн
æвдисæнтæ стæм мах, стæй, Хуыцау Йæ ком-
мæгæстæн кæй радта, уыцы Сыгъдæг Уд».
33Синедрионы чи уыди, уыдон уый куы
фехъуыстой, уæд сæ маст рафыхт æмæ сæм
сæвзæрд апостолты амарыны фæнд. 34Фæ-
лæ фарисейтæй иу, Гамалиел, динамонæг,
адæмы 'хсæн дзырддзæугæ лæг, сыстад æмæ
цыбыр рæстæгмæ апостолты æддæмæ рар-
витын кодта. 35Стæй синедрионы уæнгтæн
загъта: «Израилæгтæ, хорз ахъуыды кæнут,
ацы адæмæн уын цы гæнгæ у, ууыл. 36Æрæ-
джы Февдæ ам февзæрд, стыр лæг арæзта
йæхицæй, æмæ ма йемæ баиу цыппарсæдæ
адæймаджы бæрц. Фæлæ йæ куы амардæуыд,
уæд йæ фæдыл цæуджытæ иууылдæр ных-
хæлиу сты — ууыл ахицæн хъуыддаг. 37Уый
фæстæ, адæмы сфысты рæстæг, фæзынди
галилейаг Иудæ æмæ йæ фæдыл асайдта
дзæвгар адæм. Фæлæ йæ амардтой, æмæ
йæм чи хъуыста, уыдон ныххæлиу сты. 38Ныр
дæр, зæгъын уын, ма хъыгдарут ацы адæмы.
Кæд сæ хъуыддаг адæймагæй аразгæ у, уæд
дзы ницы рауайдзæн. 39Кæд Хуыцауæй у,
уæд та уæ бон нæ бауыдзæн сæ бауромын.
Афтæ ма рауайæд, æмæ Хуыцауы ныхмæ
тохгæнджытæ суат».
40Иууылдæр бакастысты Гамалиилы ком-
мæ, фæдзырдтой апостолтæм æмæ сæ фæ-
нæмын кодтой. Уый фæстæ сын тызмæгæй
бафæдзæхстой, цæмæй Йесойы номæй мауал
дзурой, æмæ сæ рауагътой. 41Апостолтæ
рацыдысты синедрионæй æмæ цин кодтой,
Йесойы номы сæраппонд ахæм æфхæрды
аккаг кæй разындысты, ууыл. 42Алы бон дæр
Кувæндоны æмæ хæдзари-хæдзар иудадзыг
амыдтой адæмæн æмæ хъусын кодтой Йесо
Чырыстийы Фарны Уац.

**5:30** Петр ам зæрдыл лæууын кæны бынат Рагон Фæдзæхстæй (Фæл 21:23): «Хъæдыл кæйдæриддæр æрцауыгътой, уый æлгъыст у» (кæс ноджыдæр Гал 3:13).

**6** Ахуыргæнинæгты нымæцыл куы æфтыд,
уæд бердзенаг æвзагыл дзурæг дзуттæгтæ
райдыдтой хъуыр-хъуыр кæнын бинæттон
дзуттæгтыл, æрвылбоны æххуыс куы фæ-
уарынц, уæд сын сæ идæдз сылгоймæгты
хъулон кæнынц, зæгъгæ. 2Уæд дыууадæс
апостолы ахуыргæнинæгты се 'ппæты дæр
æрæмбырд кодтой æмæ загътой: «Махæн не
'мбæлы Хуыцауы ныхас амонын ныууадзын
æмæ фынгæвæрдтыл тыхсын. 3Уымæ гæсгæ,
æфсымæртæ, уæхицæй равзарут, Сыгъдæг
Удæй хайджын, дзырддзæугæ æмæ куырыхон
авд лæджы, æмæ сæ бафтауæм уыцы куыстыл,
4нæхæдæг та иудадзыг кувдзыстæм æмæ кус-
дзыстæм Хуыцауы Дзырд парахат кæныныл».
5Уыцы фæндон фæцыди се 'ппæты зæрдæ-
мæ дæр, æмæ сæвзæрстой Стефаны, уырнын-
дзинад æмæ Сыгъдæг Удæй хайджын лæджы,
Филиппы, Прохоры, Никаноры, Тимоны,
Пармены, стæй муртаттæгтæй иудейаг дин-
мæ æрцæуæг антиохиаг Никколайы. 6Æркод-
той сæ апостолтæм. Уыдон сын бакуывтой
æмæ сыл сæ къухтæ авæрдтой.
7Парахат кодта Хуыцауы ныхас, Йеруса-
лимы дзæвгар æфтыд ахуыргæнинæгты
нымæцыл; сауджынтæй дæр бирæтæ бау-
уæндыдысты Чырыстийыл.
8Стефан та, Хуыцауы хорзæх æмæ хъаруйæ
хайджынæй, адæмы раз арæзта стыр диссæг-
тæ æмæ æвдисæйнæгтæ. 9Цавæрдæр киренæг-
тæ æмæ александриæгтæ сæрибар райсджыты
Синагогæ кæй хуыдтой, уырдæм цæуджытæ,
стæй ма Килики æмæ Асийæ чидæртæ быцæу
кæнын райдыдтой Стефанимæ. 10Фæлæ сæ
бон нæ уыди йæ зонды ныхмæ, стæй Кæй
фæрцы дзырдта, уыцы Сыгъдæг Уды ныхмæ
фæлæууын. 11Уæд кæйдæрты сардыдтой, æмæ
уыдон загътой: «Мах фехъуыстам, Моисей
æмæ Хуыцауы куыд фаудта, уый». 12Афтæмæй
сызмæстой адæмы, хистæрты æмæ динамон-
джыты, æмæ уыдон балæбурдтой, æрцахс-
той Стефаны æмæ йæ акодтой синедрионмæ.
13Цы мæнгæвдисæнтæ æрбахуыдтой, уыдон
дзырдтой: «Ацы адæймаг иудадзыг дзуры
рухс Кувæндон æмæ Моисейы Æгъдауы ных-
мæ. 14Мах, цы дзырдта, уый фехъуыстам: ацы
Назаретаг Йесо, дам, ныппырх кæндзæн ацы
бынат æмæ аивдзæн, Моисейы фæрцы кæй
райстам, уыцы æгъдæуттæ».
15Синедрионы чи бадти, уыдон се 'ппæт
дæр Стефанмæ кастысты æмæ уыдтой: йæ
цæсгом уыди зæды цæсгомау.

**7** Уæд æй алчер бафарста: «Цы дæ дзурынц,
уый æцæг у?»
2Стефан загъта: «Ме 'фсымæртæ æмæ хис-
тæртæ! Байхъусут мæм. Нæ фыдæл Авраам
Хараны нæма æрцард, афтæ йæм Месопота-
мийы Йæ кады тæмæны раргом ис Хуыцау
3æмæ йын загъта: „Ныууадз дæ бæстæ æмæ
дæ хæстæджыты æмæ ацу, Æз дын цы зæхх
бацамонон, уырдæм“. 4Уыйадыл Авраам
ныууагъта халдейаг зæхх æмæ æрцарди
Хараны. Йæ фыды мæлæты фæстæ йæ Ху-
ыцау æрцæрын кодта, ныр сымах кæм цæ-
рут, уыцы зæххыл. 5Хуыцау дзы Авраамæн
уылынджы йас дæр не схай кодта, фæлæ
йын зæрдæ бавæрдта, „йæхи æмæ йæ бай-
зæддæгты кæй бауыдзæн“, уымæй, кæд æмæ
Авраамæн уæд зæнæг нæма уыди, уæддæр.
6Хуыцау ын загъта: „Дæ байзæддæгтæ цып-
парсæдæ азы кæйдæр зæххыл æрцæуæггæг-
тæ æмæ цагъартæ уыдзысты æмæ æфхæрд
æййафдзысты. 7Фæлæ Æз, цагъары æфсондз
сыл чи сæвæра, уыцы адæмæн стæрхон кæн-
дзынæн, — загъта Хуыцау, — æмæ уый фæс-
тæ рацæудзысты уырдыгæй æмæ Мын ацы
бынаты кувдзысты“. 8Хуыцау Авраамимæ
сарæзта фидыд; уыцы фидыд домдта сунæт
кæнын. Æмæ Авраамæй Исаак куы райгуырд,
уæд ын æстæм бон скодта сунæт; Исаакæн
райгуырд Йаков, Йаковæн та — дыууадæс
фырты, нæ рагфыдæлтæ.
9Уыцы рагфыдæлтæ сæ хæлæгæй Йосефы
ауæй кодтой Мысырмæ. Фæлæ Хуыцау йемæ
уыд 10æмæ йын æххуыс кодта йæ алы зын-
ты. Балæвар ын кодта зонд, стæй, Мысыры
æмæ йæ йе 'ппæт галуаны сæргъы чи сæ-
вæрдта, уыцы фараоны, Мысыры паддзахы,
хорзæх. 11Уый фæстæ æппæт Мысыры æмæ
Ханааны зæххыл скодта стонг рæстæг, адæм
хъизæмарæй мардысты, хойраг нал уыди
нæ фыдæлтæм. 12Мысыры хор кæй ис, уый
фехъусгæйæ, Йаков нæ фыдæлты уырдæм
арвыста фыццаг хатт. 13Дыккаг хатт куы
ацыдысты, уæд Йосеф йæхи раргом кодта йе
'фсымæртæн, æмæ фараон базыдта Йосефы
хиуæтты тыххæй. 14Йосеф арвыста хонæг йæ
фыд Йаков æмæ йе 'ппæт хиуæттæм — фынд-
дæс æмæ æртиссæдз адæймагмæ. 15Йаков
æрбацыди Мысырмæ, æмæ уым амардыс-
ты йæхæдæг дæр æмæ нæ фыдæлтæ дæр.
16Сæ мæрдтæ сын рахастой Шехеммæ æмæ,
Авраам Хаморы байзæддæгтæй æвзистæй
цы зæппадз балхæдта, уым сæ бавæрдтой.
17Хуыцау Авраамæн, сомы ракæнгæйæ,
цы зæрдæвæрд радта, уымæн йæ сæххæст
кæныны афон куыд æввахсдæр кодта, афтæ
Мысыры фылдæрæй-фылдæр æфтыд нæ
адæмы нымæцыл. 18Афтæ уыди, цалынмæ,

Йосефы хабар чи нæ зыдта, æндæр ахæм пад-
дзах бæстæйы сæргъы не ’рлæууыд, уæдмæ.
19Уый нæ адæмыл цыди хинæй, æфхæрдта
нын нæ фыдæлты; сæ сабиты сын æппарын
кодта, цæмæй сæфтмæ æрцæуой. 20Уыцы
рæстæг райгуырди Моисей; уый уыди рæ-
сугъд æмæ Хуыцауæн фæндиаг сывæллон.
Фыццаг æртæ мæйы йæ хастой йæ фыды
хæдзары. 21Хæдзарæй йæ куы рахастой æмæ
йæ куы ныууагътой, уæд æй ссардта фараоны
чызг æмæ йæ схаста йæхи фыртау. 22Моисейы
сахуыр чындæуыд, мысыраг куырыхонтæ цы
зыдтой, æппæт уыдæттыл, уый уыдис тых-
джын ныхасæй дæр æмæ хъуыддагæй дæр.
23Дыууиссæдз азы йыл куы цыди, уæд æм
фæзындис йе ’фсымæрты, Израилы адæмы,
бабæрæг кæныны фæнд. 24Моисей федта, иу
мысыраг дзуттаджы куыд æфхæрдта, уый
æмæ дзуттаджы фарс рахæцыд, амардта
мысыраджы æмæ йын афтæмæй йæ маст
райста. 25Æнхъæл уыди, Хуыцау сæ йæ фæр-
цы цагъарадæй кæй ирвæзын кæны, уый йе
’фсымæртæ бамбардзысты, зæгъгæ, фæлæ
йæ уыдон нæ бамбæрстой. 26Дыккаг бон
дзуттæгты кæрæдзийы нæмгæ куы федта,
уæд сæм бацыд æмæ сæ фидауын кодта:
„Æфсымæртæ куы стут, кæрæдзийы хъыджы
цæмæн цæут?“ 27Фæлæ хионы æфхæрæг фес-
хуыста Моисейы æмæ йын загъта: „Чи дæ сæ-
вæрдта махæн хицау æмæ тæрхоны лæгæй?
28Знон мысыраджы куыд амардтай, мæн
дæр афтæ амарынмæ хъавыс, æви?“ 29Мо-
исей уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд
алыгъд æмæ æрцард æцæгæлон мидианаг
бæстæйы. Ам ын райгуырди дыууæ фырты.
30Дыууиссæдз азы фæстæ йæм Синайы
хохмæ хæстæг æдзæрæг быдыры, судзгæ
сындзкъутæры арты æвзæгты, фæзынди зæд.
31Моисей йæ куы федта, уæд дисы бафтыди.
Æмæ йæм, дзæбæхдæр æй фенон, зæгъгæ,
куы фæцæйцыд, уæд ын Хуыцау загъта:
32„Æз дæн дæ фыдæлты Хуыцау, Авраамы,
Исаакы æмæ Йаковы Хуыцау“. Моисей фыр
тæссæй скæсын дæр нæ уæндыд. 33Хуыцау
ын загъта: „Дæ дзабыртæ ралас дæ къæхтæй,
уымæн æмæ, цы бынаты лæууыс, уый у уаз
зæхх. 34Æз федтон, Мæ адæмы Мын Мы-
сыры куыд æфхæрынц, уый, фехъуыстон
сын сæ хъæрзын æмæ æрцыдтæн се ссæри-
бар кæнынмæ. Уæдæ ацу, Æз дæ Мысырмæ
æрвитын“.
35Дæу махæн хицау æмæ тæрхоны лæгæй
чи сæвæрдта, зæгъгæ, уыцы ныхæстимæ сæхи
кæуыл атигъ кодтой, уыцы Моисейы ныр Ху-
ыцау рарвыста хицау æмæ тæрхонгæнæгæй,
сындзкъутæрæй йæм цы зæд раргом ис, уый
фæрцы. 36Уыцы Моисей адæмы ракодта Мы-
сырæй; Мысыры, Сырх денджызы æмæ æдзæ-
рæг быдыры дыууиссæдз азы дæргъы арæзта
диссæгтæ æмæ æвдисæйнæгтæ. 37Уыцы Мо-
исей загъта Израилы адæмæн: „Мæн куыд
сæвæрдта, афтæ уын уе ’фсымæртæй иуы
Хуыцау скæндзæни Пехуымпар“. 38Уыцы Мо-
исей уыди æдзæрæг быдыры, Израилы адæм
кæм æрæмбырд сты, уым. Уый уыди, Синайы
хохыл йемæ цы зæд дзырдта, уыимæ, стæй
нæ фыдæлтимæ, æмæ райста цардæттæг
ныхæстæ, цæмæй сæ махмæ фæхæццæ кæна.
39Фæлæ нæ фыдæлты нæ бафæндыди Мои-
сейы коммæ кæсын, сæхи йыл атигъ кодтой
æмæ сæ зæрдæ æхсайдта Мысырмæ. 40Уыдон
загътой Ааронæн: „Нæ разæй чи цæуа, ахæм
хуыцæуттæ нын сараз, уымæн æмæ нæ Мысы-
рæй чи ракодта, уыцы Моисейыл цы æрцыд,
уый нæ зонæм“. 41Æмæ сарæзтой сыгъзæрин
род, уыцы гуымирыйæн æрхастой нывонд
æмæ, сæхи къухæй кæй сарæзтой, уый раз
бæрæгбон скодтой. 42Хуыцау сæ Йе ’ргом аз-
дæхта, цæмæй кувой, арвыл цы ис, уыдонмæ,
пехуымпартæм куыд фыст ис, афтæ:

„Израилы адæм,
æдзæрæг быдыры дыууиссæдз азы
дæргъы
кусæрттæ Мæнæн кодтат
æмæ нывæндтæ Мæнæн хастат?
43 Сымах уемæ Молохы цатыр
æмæ Рефаны стъалы хастат —
цы фæлгонцтæ сарæзтат,
уыдонæн кувынæн.
Уымæ гæсгæ уæ Æз
Вавилонæй дарддæр уацары акæнын
кæндзынæн“.

44Нæ фыдæлтæм æдзæрæг быдыры уыди
Уаз Цæрæн. Моисей йæ сарæзта Хуыцауы
амындтытæм æмæ, цы хуызæг ын равдыста,
уыдонмæ гæсгæ.
45Нæ фыдæлтæ йæ райстой æмæ йæ Нуны
фырт Йешуаимæ бахастой, нæ фыдæлты
цурæй Хуыцау кæй фæсырдта, уыцы адæмы
бæстæм. Æмæ уым фæци Давиды заманы онг.
46Давид ссардта Хуыцауы хорзæх æмæ Дзы
куырдта Йаковы Хуыцауæн хæдзар саразы-
ны бар. 47Хæдзар та Йын Соломон сарæзта.
48Фæлæ Иууылбæрзонд къухæйконд хæ-
дзæрртты нæ цæры! Уый фæдыл пехуымпар
зæгъы:

49 „Уæларв — Мæ бадæн,
зæхх — Мæ къæхтæвæрæн.
Цавæр хæдзар Мын хъуамæ саразат
сымах,

кæм ис Мæн аккаг æрæнцайæн бы-
нат? — зæгъы Дунедарæг. —
50 Æппæт уыдæттæ
Мæхи къухæй не сфæлдыстон, æви?“
51Хиваст адæм! Сымахæн уæ зæрдæтæ
æмæ уæ хъустæ сунæтгонд не сты! Сымах
стут уæ фыдæлты хуызæн — кæддæриддæр
Сыгъдæг Уды ныхмæ лæууут. 52Уæ фыдæл-
тæ пехуымпартæй кæцыйы не ’фхæрдтой?
Уыдон амардтой, Рæстгæнæджы æрцыды
тыххæй рагагъоммæ чи загъта, уыцы адæй-
мæгты. Сымах та ныр Рæстгæнæгæн Йæ-
хиуыл рацыдыстут гадзрахатæй æмæ Йæ
амардтат! 53Æгъдау райстат зæдты фæрцы,
æмæ йæ нæ сæххæст кодтат».
54Уыдæттæ хъусгæйæ, синедрионы уæнг-
тæ мæстæй тъæппытæ хаудтой æмæ йæм
сæ дæндæгты къæс-къæс цыди. 55Стефан
та — Сыгъдæг Удæй йемыдзаг, афтæмæй —
скасти арвмæ, федта Хуыцауы кад æмæ Йе-
сойы, Хуыцауы рахизфарс лæугæ. 56«Мæнæ
уынын, — загъта, — арвы дуар гомæй æмæ
Адæймаджы Фырты Хуыцауы рахизфарс
лæугæ».
57Уæд уыдон иууылдæр иумæ ныхъхъæр
кодтой, сæ хъустæ ахгæдтой æмæ йыл æм-
хуызонæй сæхи ныццавтой. 58Ракодтой йæ
фæссахармæ æмæ йыл дурадзагъдæй ра-
лæууыдысты. Æвдисæнтæ та сæ пæлæзтæ
ныууагътой, йæ ном Савл кæмæн уыд, уыцы
лæппуимæ. 59Стефаныл цавтой дуртæ, уый
та куывта: «Бардарæг Йесо, мæ уд Де уазæг».
60Стæй æрхауди йæ зонгуытыл æмæ хъæ-
рæй ныууынæргъыдта: «Дунедарæг, ныббар
сын ацы тæригъæд». Уыцы ныхæстимæ Сте-
фан амард.

**8** Стефаны кæй амардтой, уый Савл рас-
тыл нымадта. Уыцы бонæй фæстæмæ Йе-
русалимы аргъуаны уæнгты тынг æфхæрын
райдыдтой, æмæ, апостолтæй фæстæмæ,
се ’ппæт дæр ныххæлиу сты Иудей æмæ
Самарийы алы къуымты. 2Стефаны та баны-
гæдтой Хуыцауыл æнувыд лæгтæ æмæ йыл
тынг фæкуыдтой. 3Савл карз тох райдыдта
аргъуаны ныхмæ, хæдзæрттыл зылди, уыр-
нæг нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты ахста
æмæ-иу сæ ахæстоны бакодта.
4Чи ныххæлиу, уыцы уырнджытæ та уыцы
рæстæг, кæдæмдæриддæр цыдысты, уым
хъусын кодтой Фарны Уац. 5Филипп ацыди
самариаг сахармæ æмæ адæмæн дзырдта
Чырыстийы тыххæй. 6Филипп цы диссæг-
тæ арæзта, уыдоны тыххæй адæм хъусгæ
дæр кодтой æмæ сæ цæстæй дæр уыдтой,
уымæ гæсгæ йæм хъуыстой лæмбынæг. 7Би-
рæ хæйрæджджынтæй æнæзæгъинæгтæ
рацыдысты хъæргæнгæ, æндзыгнизæй чи
хъæрзыд, уыдонæй бирæтæ æмæ цæнкуыл-
тæ сæнæниз сты. 8Æмæ сахары цæрджыты
цинæн кæрон нал уыд.
9Сахары царди иу адæймаг, йæ ном — Си-
мон. Уый раздæр уыди кæлæнгæнæг æмæ
самариæгты дисы æфтыдта йæ кæлæнтæй;
йæхицæй стыр цыдæр арæзта. 10Хъуыстой
йæм стырæй, чысылæй æмæ дзырдтой: «Ацы
адæймагмæ ис Хуыцауы тых, стыр кæй ху-
ындæуы, уый». 11Хъусгæ та йæм уымæн код-
той, æмæ сæ бирæ рæстæджы дæргъы йæ
кæлæнтæй стыр дисы æфтыдта. 12Фæлæ сын
Филипп Хуыцауы Паддзахады æмæ Йесо
Чырыстийы номы тыххæй уац куы фехъу-
сын кодта, уæд ыл бауууæндыдысты, æмæ
саргъуыдæуыд нæлгоймæгтыл дæр æмæ
сылгоймæгтыл дæр. 13Симон йæхæдæг дæр
бауууæндыд, аргъуыд райста æмæ иудадзыг
уыди Филиппимæ; дис кодта, цы стыр æвди-
сæйнæгтæ æмæ диссæгтæ федта, уыдоныл.
14Апостолтæ Йерусалимы куы фехъуыстой,
самариæгтæ Хуыцауы Дзырдыл бауууæнды-
дысты, зæгъгæ, уæд сæм арвыстой Петр æмæ
Иоанны. 15Петр æмæ сæм Иоанн куы æрбацы-
дысты, уæд бакуывтой, цæмæй самариæгтæ
схайджын уой Сыгъдæг Удæй. 16Уымæн æмæ
дзы иу дæр Сыгъдæг Удæй нæма схайджын —
æрмæстдæр сыл саргъуыдæуыд Бардарæг
Йесойы номыл. 17Петр æмæ сыл Иоанн æрæ-
вæрдтой сæ къухтæ æмæ уыдон Сыгъдæг
Удæй схайджын сты. 18Апостолты къухты
æрæвæрдæй Сыгъдæг Удæй кæй схайджын
сты, уый Симон куы федта, уæд апостолтæн
æхца æрбахаста 19æмæ загъта: «Раттут мæнæн
дæр тых, цæмæй-иу, æз дæр мæ къухтæ кæуыл
æрæвæрон, уый схайджын уа Сыгъдæг Удæй».
20Петр ын дзуапп радта: «Де ’хца демæ
фесæфæд, уымæн æмæ ды афтæ æнхъæл
дæ, цыма Хуыцауы хорзæхæн æхцайæ бал-
хæнæн ис. 21Ахæм куысты бацæуыны аккаг
нæ дæ, уымæн æмæ Хуыцауы раз дæ зæрдæ
раст нæу. 22Уæдæ æрфæсмон кæн дæ ацы
тæригъæдыл, кув Бардарæгмæ, æмæ дын,
чи зоны, дæ зæрдæйы фыдвæнд ныххатыр
кæна. 23Уымæн æмæ æз уынын: ды маргæй
дзаг дæ, тæригъæды уацары бахаудтæ».
24Уæд Симон дзуапп радта: «Бакувут мæн
тыххæй Бардарæгмæ, æмæ, цы загътат, ахæ-
мæй мыл мацы æрцæуа».

**7:51** Уæ зæрдæтæ æмæ уæ хъустæ сунæтгонд не сты — мета-
форæ, ома, Хуыцауы ныхмæ чи лæууы, ахæм адæм.

25Петр æмæ Иоанн уым Йесойы тыххæй
уацамынд куы фæкодтой æмæ Бардарæджы
Ныхас куы фæцамыдтой, уæд фæстæмæ
ацыдысты Йерусалиммæ. Сæ фæндагыл
бирæ самариаг хъæуты хъусын кодтой Фар-
ны Уац.
26Филиппæн та Хуыцауы зæд загъта:
«Бавдæл æмæ ацу хуссармæ, Йерусалимæй
Газæмæ цы фæндаг ис, цæуæг кæуыл нæй,
уырдæм».
27Æмæ Филипп араст ис. Уыцы рæстæг
сæхимæ здæхти эфиопаг евнух, Кандакийы,
ома эфиопаг ус-паддзахы, фæсдзæуин, стыр
хицау — йæ хæзнадар. Хуыцаумæ бакувыны
тыххæй уыди Йерусалимы. 28Йæ къареты
бадти æмæ касти пехуымпар Исайайы чиныг.
29Сыгъдæг Уд Филиппæн загъта: «Баййаф
уыцы къарет æмæ цу йæ фарсмæ».
30Филипп къареты цурмæ куы базгъордта,
уæд фехъуыста, эфиопаг пехуымпар Исайа-
йы чиныг куыд касти, уый. Уæд æй бафарста:
«Цы кæсыс, уый æмбарыс?»
31Уый дзуапп радта: «Исчи мын æй куынæ
бацамона, уæд æй куыд хъуамæ бамбарон?»
Æмæ æрхатыди Филипмæ, цæмæй схиза
къаретмæ æмæ сбада йæ фарсмæ. 32Сыгъдæг
Фысты эфиопаг касти мæнæ уыцы бынат:

«Фысау Æй акодтой æргæвдынмæ,
æмæ, уæрыччы куы фелвынынц,
уæд куыд ныссабыр вæййы,
афтæ Уый дæр æдзæмæй лæууыди.
33 Бафхæрдтой Йæ,
раст тæрхон Ын нæ рахастой.
Йæ байзæддæгты тыххæй Йын
чи цы зоны,
кæд æмæ Йын айстой Йæ цард
зæххæй?».

34Евнух бафарста Филиппы: «Курын
дæ, æмæ мын зæгъ: пехуымпар афтæ кæй
тыххæй зæгъы? Йæхи æви æндæр искæй
тыххæй?»
35Филипп бавнæлдта амонынмæ. Райдыд-
та Сыгъдæг Фысты уыцы бынатæй æмæ йын
радзырдта Фарны Уац Йесойы тыххæй. 36Сæ
фæндаг дардтой, афтæмæй æрбахæццæ сты
донмæ. Евнух загъта: «Мæнæ — дон, саргъа-
уынæн мæ цы къуылымпы кæны?»
37[Филипп ын дзуапп радта: «Кæд зæр-
диагæй æууæндыс, уæд дыл саргъауæн ис».
Евнух загъта: «Æууæндын, Йесо Чырысти
Хуыцауы Фырт кæй у, ууыл».]
38Евнух радта къарет бауромыны бар-
дзырд. Сæ дыууæ дæр, Филипп æмæ евнух,
ныххызтысты донмæ, æмæ йыл Филипп
саргъуыдта. 39Донæй куы рахызтысты, уæд
Филиппы фелвæста Хуыцауы Уд, æмæ йæ
евнух нал федта. Зæрдæрухсæй дарддæр
цыди йæ фæндагыл. 40Филипп та февзæрди
Азоты æмæ, йæ фæндагыл цæугæйæ, æппæт
сахарты хъусын кодта Фарны Уац, цалынмæ
Кесаримæ бахæццæ, уæдмæ.

**9** Савлæн раздæрау æнæуынон уыдысты Бар-
дарæджы ахуыргæнинæгтæ, æртхъирæнтæ
сæм кодта амарынæй. Бацыд алчермæ 2æмæ
дзы Дамаскы синагогæтæм фыстæджытæ ра-
куырдта, цæмæй, Йесойы фæдыл цæуджытæй
кæй ссара, уыдоны, лæгæй, усæй, æрцахса
æмæ сæ æрбакæна Йерусалиммæ. 3Фæндагыл
ма куы уыд æмæ Дамаскмæ куы баввахс, уæд
ыл уæларвæй æваст рухс æртыхсти. 4Савл
æрхауди зæххыл æмæ фехъуыста хъæлæс:
«Савл, Савл, цæмæн Мæ æфхæрыс?»
5Савл бафарста: «Чи дæ, Бардарæг?» Дзу-
апп ын рардæуыд: «Ды Кæй æфхæрыс, Æз
уыцы Йесо дæн. [Зын дын у цыргъ михы
ныхмæ бырсын». 6Савл тæрсгæ-ризгæйæ
бафарста: «Бардарæг, цы саразын мын фæ-
дзæхсыс?» Бардарæг ын загъта:] «Сыст æмæ
ацу сахармæ, уым дын загъдæуыдзæн, цы
гæнгæ дын у, уый».
7Савлы æмбæлццæттæ лæууыдысты æн-
дзыгæй: хъæлæс хъуыстой, фæлæ никæй
уыдтой. 8Савл сыстади зæххæй, йæ цæс-
тытæ байгом сты, фæлæ ницы уыдта. Уæд
ын ныххæцыдысты йæ къухтыл æмæ йæ
æрбакодтой Дамаскмæ. 9Æртæ боны цæстæй
нæ уыдта, хæрд æмæ доны хъæстæ нæ фæци.
10Дамаскы уыдис иу ахуыргæнинаг, йæ
ном — Ананиа. Бардарæг æм фæзынд æмæ
йын загъта: «Ананиа!» Ананиа дзуапп радта:
«Хъусын Дæм, Бардарæг».
11Бардарæг ын загъта: «Бавдæл æмæ ацу,
Æмраст йæ ном кæмæн у, уыцы уынгмæ,
æмæ Иудæйы хæдзары бафæрс иу лæджы,
йæ ном — Савл. Уый у Тарсы сахарæй; ныр
кувгæ кæны. 12Савл цæстылуайæны федта иу
лæджы, йæ ном — Ананиа; уый йæм бацыд
æмæ йыл æрæвæрдта йæ къухтæ, цæмæй
цæстæй ракæса».
13Ананиа дзуапп радта: «Бардарæг, ацы
адæймагæн йæхи тыххæй дæр, стæй Дæ
сыгъдæджытæн Йерусалимы цас фыдмитæ
фæкодта, уый тыххæй дæр бирæтæй фе-
хъуыстон. 14Ныр ам ис, æмæ йын алчертæй
рардæуыд бар, цæмæй, Дæ ном чидæриддæр
ары, уыдоны æрцахса».

**8:27** *Евнух* – æрдызт; ахæм лæгтæн рагзаманы иуæй-иу бæстæты лæвæрдтой бæрнон паддзахадон куыст. Моисейы Æгъдау дзуттæгтæн нæ лæвæрдта адæймаджы æрдузыны бар.

15Фæлæ йын Бардарæг загъта: «Ацу, Æз
æй Мæхицæн кусæгæн сæвзæрстон, цæмæй
Мæ ном фехъусын кæна муртаттæгтæн, пад-
дзæхтæн æмæ Израилы адæмæн. 16Æз ын
равдисдзынæн, Мæ номы сæраппонд цас
тухæнтæ хъуамæ бавзара, уый».

17Ананиа араст, бацыди хæдзармæ, Сав-
лыл æрæвæрдта йæ къухтæ æмæ загъта: «Ме
'фсымæр Савл, ды фæндагыл куы уыдтæ,
уæд дæм Чи раргом, уыцы Бардарæг Йесо
мæ рарвыста, цæмæй цæстæй ракæсай æмæ
схайджын уай Сыгъдæг Удæй».

18Æмæ йын цыма уайтагъд йæ цæстытæй
хæрв систæуыд, афтæ æваст цæстæй ракасти,
сыстад, æмæ йыл саргъуыдæуыд.

19Уый фæстæ бахордта æмæ йæм йæ хъа-
рутæ раздæхтысты.

Савл иу къорд боны фæци, Дамаскы чи
уыд, уыцы ахуыргæнинæгтимæ. 20Синаго-
гæты æвæстиатæй райдыдта амонын, Йесо
Хуыцауы Фырт у, зæгъгæ. 21Чи йæм хъуыста,
уыдон дисы æфтыдысты æмæ фарстой: «Ай,
Йесойы ном чи ары, уыдоны Йерусалимы
чи æфхæрдта, уый нæу, æви? Ардæм дæр
уыдоны æрцахсынмæ æмæ сæ алчертæм
акæнынмæ не 'рбацыд, æви?»

22Савлæн йæ ныхас кодта тыхджынæй-
тыхджындæр, æмæ-иу дамаскаг иудейæгтæ
фæуыргъуыйау сты, Йесо Чырысти кæй у,
уый тыххæй-иу сын куы дзырдта, уæд.

23Рацыд дзæвгар рæстæг, æмæ иудейæгтæ
Савлы амарынвæнд скодтой. 24Фæлæ сын
Савл базыдта сæ сусæгвæнд. Йæ амарыны
тыххæй æхсæвæй-бонæй хъалагъур хастой
сахары кулдуары раз. 25Фæлæ ахуыргæни-
нæгтæ Савлы æхсæвыгон тæсчъы къулыл
æруагътой.

26Савл æрбацыд Йерусалиммæ æмæ ар-
хайдта, цæмæй ахуыргæнинæгтимæ баиу уа,
ууыл. Фæлæ дзы се 'ппæт дæр тарстысты —
ахуыргæнинаг кæй у, уый сæ нæ уырныдта.
27Уæд æй Варнавæ акодта апостолтæм æмæ
сын радзырдта, Савл фæндагыл Бардарæджы
куыд федта, Бардарæг йемæ куыд дзырдта
æмæ Дамаскы Йесойы номыл ныфсджынæй
адæмы куыд ахуыр кодта, æппæт уыдæттæ.
28Савл иу цасдæр уыди семæ, сæрибарæй
зылди Йерусалимыл æмæ ныфсджынæй
адæмы ахуыр кодта Бардарæджы номыл.

29Ныхас æмæ быцæу кодта, бердзенаг æв-
загыл цы дзуттæгттæ дзырдтой, уыдонимæ
дæр, æмæ сæм фæзынд йæ амарыны фæнд.
30Æфсымæртæ уый куы базыдтой, уæд æй
акодтой Кесаримæ æмæ йæ уырдыгæй ар-
выстой Тарсмæ.

31Æппæт Иудейы, Галилейы æмæ Сама-
рийы аргъуантæ хъыгдард нал æййæфтой,
фидар кодтой, Хуыцауы тас сæм уыди, Сыгъ-
дæг Уды æххуысæй æфтыди уырнджыты
нымæцыл.

32Петр сахартыл куы зылди, уæд бабæрæг
кодта Лиддæйы сахары цæрæг сыгъдæджы-
ты. 33Ам фембæлд иу лæгыл, йæ ном — Еней.
Уый æндзыгнизæй сади — аст азы дæргъы
йæ хуыссæнæй нæ сыстад. 34Петр ын загъта:
«Еней, Йесо Чырысти дæ дзæбæх кæны. Рабад
æмæ æрбатух дæ хуыссæн». Еней уайтæккæ
рабадти. 35Лиддæ æмæ йæ Шароны цæр-
джытæ се 'ппæт дæр федтой æмæ се 'ргом
Бардарæгмæ раздæхтой.

36Яффойы уыдис иу уырнæг сылгоймаг, йæ
ном — Тавифæ (ома Сычъи). Бирæ хорз хъу-
ыддæгтæ арæзта, мæгуыртæн æххуыс кодта.
37Уыцы рæстæг Тавифæ æрбарынчын ис æмæ
амарди. Цынадтой йæ æмæ йæ уæллаг уаты
сæвæрдтой. 38Лиддæ Яффомæ хæстæг уыд,
æмæ, ахуыргæнинæгтæ куы фехъуыстой,
Петр уым ис, зæгъгæ, уæд æм арвыстой дыу-
уæ адæймаджы, цæмæй йын зæгъой: «Рацу
нæм æвæстиатæй». 39Петр рацыди семæ.
Куы æрбахæццæ, уæд æй уæллаг уатмæ ба-
хуыдтой. Ам ыл идæдз устытæ æрæмбырд
сты, куыдтой æмæ йын æвдыстой, Сычъи
се 'хсæн куы царди, уæд сын цы хæдæттæ
æмæ пæлæзтæ бахуыдта, уыдон. 40Петр се
'ппæты дæр рарвыста уатæй, æрзоныг кодта
æмæ бакуывта. Уый фæстæ разылди мардмæ
æмæ загъта: «Тавифæ, рабад».

Тавифæ байгом кодта йæ цæстытæ, федта
Петры æмæ рабадти. 41Петр æм бадардта йæ
къух, схæцыд ыл, æмæ Тавифæ йæ къæхтыл
слæууыд. Стæй Петр фæдзырдта сыгъдæ-
джытæм æмæ идæдз сылгоймæгтæм, сæ
разы сын æй цардæгасæй æрлæууын код-
та. 42Уыцы хабар айхъуыст æгас Яффойыл,
æмæ бирæтæ баууæндыдысты Бардарæгыл.
43Æмæ ма Петр бирæ рæстæг фæци Яффойы,
цæрмгуыстгæнæг Симоны хæдзары.

**10** Кесарийы уыдис иу лæг, йæ ном — Кор-
нелий, Италиаг кæй хуыдтой, уыцы æф-
сæддон хайы сæдæйыхицау. 2Йе 'ппæт хæ-
дзаронтимæ нымадта Хуыцауы æмæ Дзы
тарсти, мæгуыр адæмæн бирæ æххуыс кодта
æмæ иудадзыг куывта Хуыцаумæ. 3Иу хатт,
фарæстæм сахатмæ хæстæг, Корнелимæ Ху-
ыцауы зæд раргом ис. Зæд æм бацыд æмæ
йын загъта: «Корнелий!»

4Корнелий зæды куы федта, уæд фæтарст
æмæ бафарста: «Цы, Бардарæг?» Зæд ын

дзуапп радта: «Дæ куывдтытæ æмæ дæ хорз
хъуыддæгтæ нæ ферох сты Хуыцауæй. 5Ар-
вит Яффомæ адæмы æмæ æрхон, Петр кæй
хонынц, уыцы Симоны. 6Уый уазæгуаты
ис æрмгуыстгæнæг Симонмæ; йæ хæдзар
денджызы был ис. [Уый дын зæгъдзæн, ды
æмæ де 'ппæт хæдзаронтæ кæй фæрцы фер-
вæздзысты, ахæм ныхæстæ.]»

7Йемæ чи ныхас кодта, уыцы зæд куы
ацыд, уæд Корнелий фæдзырдта йæ фæс-
дзæуинтæй дыууæмæ, стæй йæ цумагæнæн
æфсæддонтæй иумæ, Хуыцауыл æнувыд
лæгмæ. 8Цы æрцыди, уый сын радзырдта
æмæ сæ арвыста Яффомæ.

9Дыккаг бон, уыдон ма фæндагыл куы
уыдысты æмæ сæ сахармæ бирæ куынæ-
уал хъуыд, уæд Петр æмбисбонмæ хæстæг
бакувынмæ схызти хæдзары сæрмæ. 10Уа-
лынджы тынг сыстонг ис æмæ йæм хæрын
æрцыд. Цалынмæ хæринаг цæттæ кодтой,
уæдмæ федта цæстылуайæн: 11арвы дуар
байгом ис, æмæ зæхмæ æрцæйцыди цы-
дæр, стыр кæттаджы хуызæн, йæ цыппар
тигъæй йæ æрцæйуагъдæуыд. 12Уыди дзы
алыхуызон цыппæркъахыг цæрæгойтæ, хил-
джытæ æмæ уæларвон мæргътæ. 13Петрмæ
æрыхъуысти хъæлæс: «Сыст, Петр, аргæвд
æмæ бахæр». 14Фæлæ Петр загъта: «Уый нæ
уыдзæн, Бардарæг! Æлгъаг æмæ чъизи цы у,
æз ахæмæй никуы ницы бахордтон». 15Уæд
æм дыккаг хатт æрыхъуысти хъæлæс: «Ху-
ыцау цы ссыгъдæг кодта, уый ды æлгъагыл
ма нымай». 16Афтæ уыдис æртæ хатты, стæй
кæттаг систæуыд уæларвмæ.

17Петр йæхинымæр куыд хъуыды кодта,
уæдæ уыцы цæстылуайæн цы нысан кæны,
зæгъгæ, афтæ Корнелийы æрвыст лæгтæ
æрлæууыдысты кулдуары цур. Адæмæй
базыдтой, Симоны хæдзар кæм ис, уый,
18бахъæр кодтой æмæ бафарстой: «Петр
кæй хонынц, уыцы Симон сымахмæ ис?»
19Ныр Петрæн та йæ хъуыдытæ уыдысты,
цы федта, ууыл. Сыгъдæг Уд ын загъта:
«Æртæ лæджы дæ агурынц дæлæ. 20Сыст,
æрхиз æмæ ацу семæ. Мисхалы бæрц дæр
гуырысхо ма кæн, уымæн æмæ сæ Æз рар-
выстон». 21Петр æрхызти Корнелийы æрвыст
лæгтæм æмæ сын загъта: «Сымах кæй агу-
рут, уый æз дæн. Цы хъуыддаджы фæдыл
æрбацыдыстут?»

22Уыдон загътой: «Сæдæйыхицау Корне-
лий раст адæймаг у, тæрсы Хуыцауæй, æппæт
иудейаг адæм æй нымайынц. Сыгъдæг зæд
ын бафæдзæхста дæу йæ хæдзармæ æрхонын
æмæ дын дæ ныхæстæм байхъусын».

23Уæд сæ Петр бахуыдта æмæ сæ суазæг
кодта, дыккаг бон та семæ араст ис; йемæ
ма рацыд яффойаг æфсымæртæй цалдæр.
24Иннæ бон æрхæццæ сты Кесаримæ.

Корнелий æрбахуыдта йæ къабæзты, хæс-
тæг хæлæртты, æмæ сæм æнхъæлмæ кас-
тысты. 25Петр мидæмæ куы бахызт, уæд
Корнелий рацыд йæ размæ æмæ йæхи Петры
къæхтæм æрæппæрста.

26Петр ыл схæцыд æмæ загъта: «Сыст, æз
дæр æрмæстдæр адæймаг дæн».

27Корнелиимæ ныхæстæ кæнгæйæ, Петр
бацыди хæдзармæ, баййæфта дзы бирæ
адæм 28æмæ сын загъта: «Сымах хорз зонут,
иудейагæн кæй нæй муртаттагимæ æмбæ-
лыны кæнæ йын йæ хæдзармæ бацæуыны
бар. Фæлæ мын Хуыцау раргом кодта, æз
иу адæймаджы дæр æлгъаг æмæ чъизи-
йыл куыд нæ нымайон, афтæ. 29Æмæ мæм
куы фæдзырдтат, уæд æз æрбацыдтæн æнæ
уæлдай ныхасæй. Ныр уæ фæрсын: цы хъу-
ыддаджы фæдыл мæм арвыстат?»

30Корнелий загъта: «Æртæ боны размæ,
ацафон, фарæстæм сахатыл, æз куывтон
мæ хæдзары. Уæд мæ разы æрттивгæ да-
рæсы февзæрд иу лæг 31æмæ мын загъта:
„Корнелий, дæ куывд дын фехъуыстæуыд,
дæ хорз хъуыддæгтæ нæ ферох сты Хуыца-
уæй. 32Арвит Яффомæ æмæ æрхон, Петр кæй
хонынц, уыцы Симоны. Уый уазæгуаты ис
цæрмгуыстгæнæг Симоны хæдзары, ден-
джызы был". 33Уайтæккæ дæм арвыстон,
æмæ, кæй æрбацыдтæ, уымæй хорз бакод-
тай. Ныр мах иууылдæр лæууæм Хуыцауы
раз, цæмæй байхъусæм, Бардарæг дын цы
бафæдзæхста, æппæт уыдæттæм».

34Петр райдыдта дзурын: «Ныр æз æцæг
базыдтон, Хуыцау кæй никæй хъулон кæны,
уый. 35Фæлæ Дзы чи тæрсы æмæ рæстæй чи
цæры, уый цыфæнды адæмыхаттæй куы уа,
уæддæр Йæ зæрдæйæн адджын у. 36Хуыцау
израилаг адæмæн рарвыста Йæ ныхас — Йесо
Чырыстийы руаджы адæмимæ кæй фида-
уы, уыцы Фарны Уац. Чырысти та у æппæт
адæмы Бардарæг. 37Иоанн саргъауынмæ
куы сидти, уæд æппæт Иудейы, Галиле-
йæ райдайгæйæ, цы æрцыд, уый сымахæн
зындгонд у. 38Сымах зонут, Хуыцау Назаре-
таг Йесойы кæй схайджын кодта Сыгъдæг
Удæй æмæ хъаруйæ. Йесо цыди æмæ алы
ран дæр арæзта хорз хъуыддæгтæ, дзæбæх
кодта хæйрæджджынты, уымæн æмæ Ху-
ыцау Йемæ уыд. 39Æмæ мах æвдисæн стæм,
Уый иудейаг бæстæйы æмæ Йерусалимы
цытæ сарæзта, æппæт уыдæттæн. Хъæдыл

Æй æрцауыгътой æмæ Йæ амардтой, 40фæ-
лæ Йæ Хуыцау æртыккаг бон райгас кодта
æмæ Йын Йæхи равдисын кодта адæммæ.
41Æрмæст æппæт адæммæ нæ, фæлæ мах-
мæ — Хуыцау раздæр кæй сæвзæрста, Йесо
мæрдтæй куы райгас, уый фæстæ Йемæ чи
хордта æмæ нуæзта, уыцы æвдисæнтæм.
42Æмæ Йесо махæн бафæдзæхста адæммæ
Фарны Уац фæхæссын, Уый удæгæстæн æмæ
мæрдтæн Хуыцауæй æвæрд Тæрхонгæнæг
кæй у, уымæн æвдисæн лæууын. 43Æппæт
пехуымпартæ Йесойæн æвдисæн сты, зæгъ-
гæ, чидæриддæр Ыл бауæнда, уымæн Йæ
номы фæрцы хатыр уыдзысты тæригъæдтæ».
44Петр уыдæттæ куы дзырдта, уæд æм
чидæриддæр хъуыста, уыдон схайджын
сты Сыгъдæг Удæй. 45Петримæ чи æрцыд,
уыцы уырнджытæ сунæтгæндтæ уыдыс-
ты; æмæ муртаттæгтæ дæр Сыгъдæг Удæй
кæй схайджын сты, уый сæ дисы бафтыдта.
46Уымæн æмæ хъуыстой, æндæр æвзæгтыл
куыд дзырдтой æмæ Хуыцауæн куыд кад
кодтой, уый. Уæд Петр загъта:
47«Уый кæй бон бауыдзæн, æмæ, махау
Сыгъдæг Удæй чи схайджын ис, уыдонæн
сæ размæ цæлхдур сæвæра, цæмæй донæй
ма саргъауой?»
48Æмæ сын бафæдзæхста, цæмæй аргъуыд
райсой Йесо Чырыстийы номыл. Уый фæстæ
фысымтæ æрхатыдысты Петрмæ, цæмæй ма
сæм иу цалдæр боны бафæстиат уа.

**11** Муртаттæгтæ дæр Хуыцауы ныхасыл
кæй бауæндыдысты, уый фехъуыстой, Иу-
дейы чи уыд, уыцы апостолтæ æмæ æф-
сымæртæ. 2Æмæ Петр Йерусалиммæ куы
æрбацыд, уæд ын сунæтгонд уырнджытæ
уайдзæф кодтой: 3«Ды æнæсунæт адæммæ
уыдтæ æмæ семæ хордтай».
4Уæд сын Петр райдыдта, хъуыддаг куыд
рауад, уый тыххæй бæстон дзурын: 5«Æз
куывтон Яффойы сахары æмæ федтон цæс-
тылуайæн: æрцæйцыди цыдæр, стыр кæт-
таджы хуызæн, йæ цыппар тигъæй йæ æр-
цæйуагъдæуыд уæларвæй; æмæ æрхæццæ
мænмæ. 6Æз æм æдзынæг ныккастæн æмæ
дзы федтон цыппæркъахыг цæрæгойтæ,
сырдтæ, хилджытæ æмæ уæларвон мæргъ-
тæ. 7Æмæ фехъуыстон хъæлæс: „Сыст, Петр,
аргæвд æмæ бахæр“. 8Фæлæ æз загътон: „Уый
нæ уыдзæн, Бардарæг! Æлгъаг æмæ чъизи
цы у, ахæмæй мæ дзыхы никуы ницы уы-
ди“. 9Хъæлæс мын уæларвæй дыккаг хатт
дзуапп радта: „Хуыцау цы ссыгъдæг код-
та, уый æлгъагыл ма нымай“. 10Афтæ уыд
æртæ хатты, стæй сæ иууылдæр систæуыд
уæларвмæ. 11Æмæ уайсахат æртæ лæджы,
æз кæм уыдтæн, уыцы хæдзары дуармæ
æрбалæууыдысты; уыдон Кесарийæ мæн-
мæ æрвыст уыдысты. 12Сыгъдæг Уд мын
загъта, цæмæй æз æнæгуырысхойæ ацæуон
семæ. Мемæ араст сты ацы æхсæз æфсы-
мæры дæр, æмæ æрцыдыстæм Корнелийы
хæдзармæ. 13Корнелий нын радзырдта, йæ
хæдзары зæды куыд федта, уый тыххæй.
Зæд ын загъта: „Арвит Яффомæ æмæ æрхон,
Петр кæй хонынц, уыцы Симоны. 14Уый дын
зæгъдзæни, ды æмæ де ’ппæт хæдзаронтæ
кæй фæрцы фервæздзысты, ахæм ныхæстæ“.
15Æз дзурын куы райдыдтон, уæд уыдон
схайджын сты Сыгъдæг Удæй, раздæр Дзы
мах куыд схайджын стæм, афтæ. 16Уæд мæ
зæрдыл æрлæууыдысты Йесойы ныхæстæ:
„Иоанн аргъуыдта донæй, сымах та аргъуыд
уыдзыстут Сыгъдæг Удæй“. 17Мах Бардарæг
Йесо Чырыстийыл куы бауæндыдыстæм,
уæд нын Хуыцау кæй радта, кæд муртат-
тæгтæн дæр ахæм лæвар ракодта, уæд æз
чи дæн, æмæ Хуыцауы ныхмæ æрлæууон?»
18Куы йæм байхъуыстой, уæд æрсабыр
сты, кад кодтой Хуыцауæн æмæ дзырдтой:
«Уæдæ Хуыцау муртаттæгтæн дæр радта
тæригъæдтыл æрфæсмон кæныны фадат,
цæмæй мыггагмæйы цард райсой».
19Стефаны мæлæты фæстæ сæ æфхæ-
рын куы райдыдтой, уæд, уырнджытæй чи
ныххæлиу, уыдон бахæццæ сты Финикимæ,
Кипрмæ æмæ Антиохимæ. Хуыцауы Дзырд
амыдтой æрмæстдæр иудейæгтæн. 20Фæлæ
уыдонæй иуæй-иутæ уыдысты кипрæгтæ
æмæ киренæйæгтæ; æмæ Антиохимæ куы
æрцыдысты, уæд муртаттæгтæн дæр хъусын
кодтой Фарны Уац Бардарæг Йесойы тых-
хæй. 21Хуыцау сын хъару лæвæрдта, бирæтæ
бауæндыдысты æмæ се ’ргом Бардарæгмæ
раздæхтой.
22Уыцы хабар бахæццæ Йерусалимы аргъу-
анмæ, æмæ Варнавæйы арвыстой Антиохи-
мæ. 23Уырдæм куы бахæццæ æмæ Хуыцауы
хорзæх куы федта, уæд йæ зæрдæ барухс
æмæ се ’ппæтæн дæр фæдзæхста, цæмæй
Бардарæгыл уой иузæрдион. 24Варнавæ хæ-
ларзæрдæ адæймаг уыди, Сыгъдæг Уд æмæ
уырнындзинадæй хайджын. Æмæ Бардарæ-
гыл бауæндыдысты бирæ адæм. 25Уый фæс-
тæ Варнавæ ацыди Тарсмæ — Савлы агурæг.
Ссардта йæ æмæ йемæ акодта Антиохимæ.
26Æнæхъæн аз аргъуаны фесты æмæ ахуыр

**10:39** Кæс Хъуыд 5:30.

кодтой бирæ адæмы. Ахуыргæнинæгты фыц-
цаг хатт чырыстæттæ схуыдтой Антиохийы.
27Уыцы рæстæг Йерусалимæй Антиохимæ
æрбацыдысты пехуымпартæ. 28Уыдонæй
иу, йæ ном — Агав, сыстад æмæ радзырдта,
Сыгъдæг Уд ын цы раргом кодта, уый: æппæт
дунейы скæндзæн æххормаг заман. Йæ рагу-
ац сæххæст кесæр Клавдийы заманы. 29Уæд
ахуыргæнинæгтæ баныхас кодтой, кæмæн
куыд йæ бон у, афтæ се 'ххуысы хай Иудейы
цæрæг æфсымæртæн арвитыны тыххæй.
30Æмæ сæ ныхас сæххæст кодтой: цы сæм
æрæмбырд ис, уый Варнавæ æмæ Савлимæ
арвыстой аргъуаны хистæртæм.

**12** Уыцы рæстæг паддзах Ирод райдыдта
аргъуаны уæнгтæй иуæй-иуты фæдыл зилын.
2Кардæй амарын кодта Иоанны æфсымæр
Йаковы. 3Ацы хъуыддаг иудейæгтæн æхсыз-
гон кæй у, уый куы федта, уæд æй бафæндыд
Петры дæр æрцахсын. Уый уыди Донгонд
дзулты бæрæгбоны рæстæг. 4Æрцахсын код-
та Петры, ахæстоны йæ бакодта æмæ йын,
фæйнæ цыппар æфсæддоны кæм уыд, ахæм
цыппар къорды хъахъхъæнæг сæвæрдта.
Иродмæ уыди Куадзæны фæстæ йын адæмы
раз тæрхон кæныны фæнд. 5Петры дардтой
ахæстоны, аргъуан та уыцы рæстæг Петры
тыххæй зæрдиагæй куывта Хуыцаумæ.
6Ирод æй тæрхонмæ ракæнынмæ куы хъа-
выд, раст уыцы боны размæ Петр æхсæвы,
дыууæ рæхысæй бастæй, фынæй кодта дыу-
уæ æфсæддоны æхсæн; хъахъхъæнджытæ
лæууыдысты дуармæ дæр æмæ ахæстон
хъахъхъæдтой. 7Æваст фæзынди Хуыцауы
зæд, æмæ ахæстоны уат ныррухс. Зæд бас-
хуыста Петры фарс, райхъал æй кодта æмæ
йын загъта: «Сыст рæвдздæр». Æмæ рæхыстæ
Петры цæнгтæй æрхаудтой.
8Зæд ын загъта: «Дæ рон æрбабætт æмæ
скæн дæ дзабыртæ». Петр æм байхъуыста.
Зæд та йын загъта: «Скæн дæ пæлæз æмæ
рацу мæ фæдыл».
9Петр рахызт æмæ цыди зæды фæдыл,
фæлæ не 'мбæрста, зæд цы аразы, уый æцæг
кæй у — æнхъæл уыдис, æмæ йæ цæстытыл
уайы. 10Хъахъхъæнджыты фыццаг æмæ дык-
каг къордты рæзты куы аивгъуыдтой, уæд
бахæццæ сты, сахармæ кæуылты цыдысты,
уыцы æфсæн кулдуармæ. Дуар сын йæхæдæг
байгом, рахызтысты æддæмæ æмæ, иу уынг
куы ауадысты, уæд зæд æваст æрбацыдæр.
11Петр йæхи куы æрæмбæрста, уæд загъта:
«Ныр мæ æцæг уырны: Хуыцау рарвыста
Йæ зæды æмæ мæ фервæзын кодта Ироды
къухæй, иудейаг адæм цæмæ æнхъæлмæ
кастысты, æппæт уыдæттæй».
12Петр уый куы бамбæрста, уæд араст ис,
Марк кæй хуыдтой, уыцы Иоанны мад Ма-
риайы хæдзармæ. Ам æрæмбырд бирæ адæм
æмæ куывтой. 13Петр кулдуар куы бахоста,
уæд кулдуары цурмæ рацыди лæггадгæнæг
сылгоймаг, йæ ном — Родæ. 14Уый Петры йæ
хъæлæсæй базыдта, фæлæ фыр цинæй кул-
дуар нæ фегом кодта, афтæмæй базгъордта
фæстæмæ — Петр дуармæ кæй лæууы, уый
фехъусын кæнынмæ.
15Уыдон ын загътой: «Дæ зонд фæцыди!»
Фæлæ Родæ ныллæууыд, цы загъта, уый
æцæг у, зæгъгæ. Уыдон та дзырдтой: «Уый
Петрæн йæ зæд у».
16Петр та хоста æмæ хоста кулдуар, æмæ
йæ æппынфæстаг куы байгом кодтой, уæд
æй федтой æмæ стыр дисы бафтыдысты.
17Петр сын йæ къухæй ацамыдта, цæмæй
банцайой, æмæ сын радзырдта, Бардарæг
æй ахæстонæй куыд ракодта, уый тыххæй.
Стæй сын загъта: «Ацы хабар фехъусын кæ-
нут Йаковæн æмæ иннæ æфсымæртæн».
Уый фæстæ рацыди уырдыгæй æмæ араст
ис æндæр ранмæ.
18Куы æрбабон, уæд æфсæддонтæ фæдис
систой: уæдæ Петр цы фæуыдаид? 19Ирод
фæцагуырдта Петры æмæ йæ куынæ ссардта,
уæд æрфарста хъахъхъæнджыты æмæ радта
сæ амарыны бардзырд. Уый фæстæ Иудейæ
ацыди Кесаримæ æмæ дзы афæстиат.
20Ирод мæсты уыди Тир æмæ Сидоны
цæрджытæм. Уыдон та баныхас кодтой иу-
мæ æмæ йæм æрбацыдысты; балхæдтой
паддзахы галуаны уынаффæгæнæг Бласты
зæрдæ, æмæ куырдтой фидыд, уымæн æмæ
сæ бæстæйæн хойраг истой паддзахы бæстæ-
йæ. 21Нысангонд бон Ирод паддзахы дарæсы
сбадти къæлæтджыны æмæ дзырдта семæ.
22Адæм та хъæр систой: «Уый адæймаг нæ,
фæлæ Хуыцау дзуры!»
23Æмæ йæ уайтæккæ Хуыцауы зæд æр-
цавта, æцæг Хуыцауæн кад скæныны бæсты
йæхи хуыцау схонын кæй бауагъта, уый
тыххæй; къуыдыргæлмытæ йæ бахордтой
æмæ йæ уд систа.
24Хуыцауы ныхас та тынгæй-тынгдæр
парахат кодта.
25Варнавæ æмæ Савл, цы сын бафæдзæхс-
той, уый куы сæххæст кодтой, уæд Йеруса-
лимæй æрбаздæхтысты. Семæ ракодтой,
Марк кæй хуыдтой, уыцы Иоанны.

**11:30** *Хистæр* – бердзенагау «пресвитер».

**13** Антиохийы аргъуаны уыди пехуымпар-
тæ æмæ ахуыргæнджытæ: Варнавæ, Нигер
кæй хуындæуыд, уыцы Симеон, киренæйаг
Лукий, æлдариуæггæнæг Иродимæ чи хъо-
мыл кодта, уыцы Манаин, æмæ Савл. 2Иу
хатт уыдон Дунедарæгæн куы лæггад кодтой
æмæ ком куы дардтой, уæд сын Сыгъдæг
Уд загъта: «Цы хъуыддагæн сæ сæвзæрс-
тон, уый саразынæн Мын раттут Варнавæ
æмæ Савлы».
3Ком дарын æмæ куывд куы фесты, уæд
Варнавæ æмæ Савлыл æрæвæрдтой сæ къух-
тæ æмæ сæ афæндараст кодтой.
4Варнавæ æмæ Савл, Сыгъдæг Удæй æр-
выстытæ, æрцыдысты Селевкийы сахармæ,
уырдыгæй та науыл араст сты Кипрмæ. 5Ба-
хæццæ сты Саламинмæ æмæ иудейаг сина-
гогæты Хуыцауы ныхас амыдтой. Семæ ма
уыдис Иоанн дæр æмæ сын æххуыс кодта.
6Ахызтысты æгас сакъадахыл æмæ бахæццæ
сты Пафмæ. Уым фембæлдысты цавæрдæр
иудейаг кæлæнгæнæг æмæ мæнгпехуым-
парыл, йæ ном — Вар-Йесо. 7Вар-Йесо уыди
сакъадахы хицау Сергий Павелы, тынг зонд-
джын лæджы, æввахсдæр адæмæй иу. Сер-
гий Павел фæсидти Варнавæ æмæ Савлмæ,
фæндыд æй Хуыцауы ныхасмæ байхъусын.
8Фæлæ Вар-Йесо (хуыдтой ма йæ Елима дæр,
ома кæлæнгæнæг) уыди сæ ныхмæ æмæ
архайдта ууыл, цæмæй сакъадахы хицау
уырнындзинадмæ ма æрцæуа. 9Фæлæ Савл
(Павел дæр ма йæ хуыдтой) схайджын ис
Сыгъдæг Удæй, æдзынæг ныккаст Елимамæ
10æмæ загъта: «О хæйрæджы лæппын, фæ-
литой æмæ налат, рæстдзинады знаг! Бар-
дарæджы раст фæндæгтæй адæмы галиумæ
здахыны куыст искуы ныууадздзынæ æви
нæ? 11Ныр дæ Бардарæджы къух æрцæвдзæн,
бакуырм уыдзынæ æмæ, цалынмæ афон
ралæууа, уæдмæ хуры рухс нæ фендзынæ».
Елимайыл æваст боны рухс æрбатар ис,
æмæ рафт-бафт кодта, йæ къухыл ын чи
хæца, ахæмы агуырдта. 12Сергий Павел, цы
æрцыди, уый куы федта, уæд, Бардарæджы
тыххæй цы ахуырад базыдта, уый йæ стыр
дисы бафтыдта, æмæ бауувæндыд.
13Павел æмæ йе 'мбæлццæттæ науыл ацы-
дысты Пафæй æмæ бахæццæ сты Памфилим-
мæ, Пергийы сахармæ. Ам Иоанн уыдонæй
фæхицæн æмæ æрбаздæхт Йерусалиммæ.
14Уыдон та Пергийæ араст сты дарддæр
æмæ бахæццæ сты писидиаг сахар Анти-
охимæ. Сабаты бацыдысты синагогæмæ
æмæ дзы æрбадтысты. 15Æгъдау æмæ пе-
хуымпарты чингуытæй бакæсыны фæстæ
сæм синагогæйы хицæуттæ арвыстой афтæ
загъынмæ: «Æфсымæртæ, кæд уæм адæмæн
зондамонæн ныхас ис, уæд æй зæгъут».
16Павел сыстад æмæ, къухæй ацамонгæйæ,
загъта: «Байхъусут, израилæгтæ, стæй, Хуы-
цауæй чи тæрсы, уыдон! 17Израилаг адæмы
Хуыцау, нæ Хуыцау, сæвзæрста нæ фыдæлты
æмæ сæ, израилæгтæ ма Мысыры æцæгæ-
лæттæй куы цардысты, уæд скодта стыр
адæм, стæй сæ уырдыгæй Йæ хъомысджын
къухæй рахуыдта. 18Дыууиссæдз азы дæр-
гъы сын быхста æдзæрæг быдыры. 19Æмæ
Ханааны бæстæйы авд адæмыхатты куы
ныццагъта, уæд сын сæ зæхх израилæгтæн
радта. 20Афтæ рацыд цыппарсæдæ фæндзай
азы. Уый фæстæ сын, пехуымпар Самуе-
лы заманы онг, Хуыцау лæвæрдта тæрхон-
гæнджытæ. 21Фæстæдæр уыдон сæхицæн
паддзах куырдтой, æмæ сын Хуыцау Бени-
амины хæдзарвæндагæй радта Кишы фырт
Саулы. Уый паддзахиуæг кодта дыууиссæдз
азы. 22Стæй йæ Хуыцау æнæхай фæкодта йæ
паддзахдзинадæй æмæ сын паддзахæй сæ-
вæрдта Давиды. Хуыцау Йæхæдæг Давиды
тыххæй загъта: „Æз ссардтон Давиды, Йессе-
йы фырты. Уый у, Мæ зæрдæйæн æхцон чи у,
ахæм адæймаг — уый Мын Мæ алы фæндон
дæр сæххæст кæндзæн“. 23Хуыцау зæрдæ ку-
ыд бавæрдта, афтæ Давиды байзæддагæй Из-
раилæн радта Ирвæзынгæнæг Йесойы. 24Йе
'рцыды хæдразмæ Иоанн æппæт израилаг
адæммæ сидтис тæригъæдтыл æрфæсмон
кæнынмæ æмæ аргъуыд райсынмæ. 25Иоанн
йæ куыст куы фæци, уæд загъта: „Кæуыл
мæ нымайут? Нæ, æз уый нæ дæн. Фæлæ
мæнæ мæ фæстæ æрцæуы, æз Йæ дзабыры
бос райхалыны аккаг Кæмæн нæ дæн, Уый“.
26Æфсымæртæ, Авраамы байзæддæгтæ,
стæй сымах, Хуыцауæй чи тæрсы, уыдон!
Ацы уац ирвæзындзинадыл дзуры æмæ ма-
хæн æрвыст у. 27Йерусалимы цæрджытæ æмæ
сæ хицæуттæ Йесойы нæ базыдтой æмæ, алы
сабат дæр кæй фæкастæуы, пехуымпарты
уыцы ныхæстæ нæ бамбæрстой. Сæххæст сæ
кодтой, мæлæты тæрхон Ын кæй рахастой,
уымæй. 28Мæлæты аккаг азым Æм не ссард-
той, фæлæ уæддæр Пилатæй куырдтой Йæ
амарын. 29Йесойы тыххæй цы фыст æрцыд,
уыдон иууылдæр куы сæххæст кодтой, уæд
Æй æристой дзуарæй æмæ Йæ бавæрдтой
зæппадзы. 30Фæлæ Йæ Хуыцау мæрдтæй
райгас кодта. 31Бирæ бонты дæргъы Йесо
Йæхи æвдыста Галилейæ Йерусалиммæ Йе-
мæ цæуджытæн. Ныр уыдон Йесойы тыххæй
нæ адæмæн æвдисæн лæууынц. 32Æмæ уын

мах ӕрхастам уыцы Фарны Уац: Хуыцау нӕ
фыдӕлтӕн зӕрдӕ цӕмӕй бавӕрдта, уый
радта махӕн, сӕ цотӕн, — Йесойы мӕрд-
тӕй райгас кодта, 33дыккаг псаломы куыд
фыст ис, афтӕ:

„Ды Мӕ Фырт дӕ,
Ды Мын абон райгуырдтӕ“.

34Хуыцау Ӕй мӕрдтӕй кӕй райгас кодта
ӕмӕ Йын бамбийӕн кӕй нӕ уыдзӕн, уый
тыххӕй та загъта афтӕ:

„Давидӕн зӕрдӕ цы уаз хорзӕхтӕй
бавӕрдтон —
аивӕн сын нӕй, сымахӕн сӕ
ратдзынӕн“.

35Уымӕ гӕсгӕ иннӕ ран загъдӕуы:

„Дӕ Сыгъдӕджы нӕ бауадздзынӕ
ингӕны ӕмбийын“.

36Фӕлӕ Хуыцау цы снысан кодта, уый Да-
вид йӕ заманы куы саразта, уӕд амард, йӕ
фыдӕлтимӕ ныгӕд ӕрцыд ӕмӕ бамбыди.
37Хуыцау Кӕй райгас кодта, Уый та нӕ бам-
быди. 38Уӕдӕ зонут, ӕфсымӕртӕ: Йесойы
фӕрцы сымахмӕ фӕхӕццӕ ис тӕригъӕдтӕ
ныббарыны уац. 39Моисейы Ӕгъдауы руа-
джы цӕмӕй не сраст уыдаиккат, цӕмӕй ӕп-
пӕт уыдӕттӕ барст ӕрцӕуой, уый тыххӕй
Йесойы фӕрцы растгонд цӕуы алы уырнӕг
дӕр. 40Уӕдӕ уӕхи хизут, цӕмӕй уыл пеху-
ымпары ныхас ма ӕрцӕуа:

41 „Кӕсут-ма, ӕнӕввӕрсонтӕ!
Стыр дисы бафтут ӕмӕ фесӕфут,
уымӕн ӕмӕ уӕ заманы
Ӕз ахӕм хъуыддаг аразын,
ӕмӕ уын ӕй исчи куы загътаид,
уӕд уӕ нӕ бауырныдтаид“».

42Павел ӕмӕ Варнавӕ синагогӕйӕ куы
рацӕйцыдысты, уӕд сӕм муртаттӕгтӕ ха-
тыдысты, цӕмӕй уыдӕтты тыххӕй дзурой
иннӕ сабаты дӕр. 43Ӕмбырд куы ахӕлиу,
уӕд иудейӕгтӕ, стӕй муртаттӕгтӕй иуде-
йаг диныл чи ныххӕцыд, уыдонӕй бирӕтӕ
Павел ӕмӕ Варнавӕйы фӕдыл ацыдысты.
Павел ӕмӕ Варнавӕ ныхас кодтой семӕ ӕмӕ
сӕм хатыдысты, цӕмӕй Хуыцауы хорзӕхыл
фидар хӕцой.

44Иннӕ сабаты ӕгас сахар, искуы иуӕй
фӕстӕмӕ, ӕрӕмбырд ис Хуыцауы ныхасмӕ
хъусынмӕ. 45Иудейӕгтӕ уый бӕрц адӕм куы
федтой, уӕд фырхӕлӕгӕй фӕцӕйтыдтой;
Павел цы загъта, уыдӕтты ныхмӕ дзырд-
той ӕмӕ йӕ ӕлгъыстой. 46Уӕд Павел ӕмӕ
Варнавӕ ныфсджынӕй загътой: «Хуыцауы
ныхас фехъусын кӕнын фыццаг ӕмбӕлди
сымахӕн, фӕлӕ йыл кӕй не ’рвӕссут ӕмӕ
мыггагмӕйы царды аккагыл уӕхи кӕй нӕ
нымайут, уымӕ гӕсгӕ мах цӕуӕм муртат-
тӕгтӕм. 47Уымӕн ӕмӕ нын Дунедарӕг афтӕ
бафӕдзӕхста:

„Ӕз Дӕ радтон муртаттӕгтӕн рухсӕн,
цӕмӕй суанг зӕххы кӕрӕттӕм
адӕм фервӕзой Дӕ фӕрцы“».

48Уыцы ныхӕстӕ муртаттӕгтӕн циндзи-
над ӕрхастой, кад кодтой Дунедарӕджы
ныхасӕн, ӕмӕ, Хуыцау мыггагмӕйы цардӕн
кӕй сӕвзӕрста, уыдон се ’ппӕт дӕр бау-
ӕндыдысты. 49Афтӕ Дунедарӕджы ныхас
парахат кодта ӕппӕт бӕстӕйы. 50Фӕлӕ
иудейӕгтӕ сардыдтой дингӕнӕг уӕздан
сылгоймӕгты, стӕй сахары хицӕутты. Павел
ӕмӕ Варнавӕйы фӕдыл зилын райдыдтой,
ӕмӕ сӕ уырдыгӕй ратардтой. 51Уӕд Павел
ӕмӕ Варнавӕ ацагътой сӕ къӕхты рыг ӕмӕ
ацыдысты Иконимӕ. 52Ахуыргӕнинӕгтӕ
та уыдысты йемыдзаг цинӕй ӕмӕ Сыгъ-
дӕг Удӕй.

**14** Павел ӕмӕ Варнавӕ Иконийы дӕр ба-
цыдысты иудейаг синагогӕмӕ, амыдтой
афтӕ, ӕмӕ иудейӕгтӕй ӕмӕ муртаттӕгтӕй
тынг бирӕ бауӕндыд Йесойыл. 2Хуыцауы
Дзырдӕн чи нӕ басаст, уыцы иудейӕгтӕ та
сызмӕстой муртаттӕгты ӕмӕ сӕ сардыдтой
ӕфсымӕрты ныхмӕ. 3Павел ӕмӕ Варна-
вӕ уым фесты бирӕ рӕстӕг; ныфсджы-
нӕй дзырдтой Бардарӕджы тыххӕй, ӕмӕ
Йӕ хорзӕхы тыххӕй раст кӕй дзырдӕуыд,
уый апостолты фӕрцы Бардарӕг ӕвдыста
ӕвдисӕйнӕгтӕ ӕмӕ диссӕгтӕй. 4Сахары
адӕм фӕдих сты: иутӕ иудейӕгты фарс
уыдысты, иннӕтӕ та — апостолты. 5Мур-
таттӕгтӕ ӕмӕ иудейӕгтӕ сӕ хистӕртимӕ
скодтой апостолты бафхӕрыны ӕмӕ сӕ
дуртӕй амарыны фӕнд. 6Павел ӕмӕ Вар-
навӕ уый куы базыдтой, уӕд ацыдысты
ликаониаг сахартӕ Листрӕ ӕмӕ Дервимӕ,
стӕй сӕ алфамбылӕйттӕм. 7Ам дӕр хъусын
кодтой Фарны Уац.

8Листрӕйы царди, йӕ къӕхтӕ сахъат кӕ-
мӕн уыдысты, иу ахӕм лӕг; ӕдзухдӕр бадгӕ
кодта, цӕуынхъом никуы уыд, уымӕн ӕмӕ
мады гуыбынӕй афтӕ рахаста. 9Павел куы
дзырдта, уӕд ӕм хъуыста. Павел ӕм ӕдзынӕг
ныккаст ӕмӕ федта: уыцы лӕгмӕ ис, кӕй
фӕрцы сдзӕбӕх уа, ахӕм уырныдзинад.

10Уӕд ын Павел хъӕрӕй загъта: «Слӕуу дӕ
къахыл». Уый уайтагъд фӕгӕпп ласта ӕмӕ
райдыдта цӕуын. 11Павел цы бакодта, уый
адӕм куы федтой, уӕд ликаониагау хъӕр
кӕнын райдыдтой: «Адӕймаджы хуызы
нӕм хуыцӕуттӕ ӕрцыдысты!»

12 Æмæ Варнавæйы хуыдтой Зевс, Павелы
та — Гермес, уымæн æмæ ныхас фылдæр уый
кодта. 13 Сахары кулдуары размæ Зевсæн цы
кувæндон уыд, уый дзуарылæг та кулдуары
цурмæ æрбатардта галтæ æмæ æрбахаста
дидинæгбыдтæ, йæ зæрды уыди нывонд
æрхæссын адæмимæ. 14 Фæлæ апостолтæ
Варнавæ æмæ Павел уый куы фехъуыстой,
уæд сæ дарæстæ арæдывтой фæйнæрдæм,
сæхи баппæрстой адæммæ æмæ хъæлæсы
дзагæй дзырдтой: 15 «Адæм, уый цы ми кæ-
нут? Мах дæр сымах хуызæн адæймæгтæ
стæм. Хъусын уын кæнæм Фарны Уац, цæ-
мæй сымах уæ мæнгхуыцæуттæй раздæхат
цардæгас Хуыцаумæ — арв, зæхх, денджыз
æмæ сæ цыдæриддæр ис, уыдоны Сфæл-
дисæгмæ. 16 Хуыцау рагзаманы адæмтæн
лæвæрдта, сæхи куыд фæнды, афтæ цæрыны
бар. 17 Фæлæ уæддæр Йæ хорз хъуыддæгтæй
иудадзыг æвдыста Йæхи: арвæй уын æрви-
ты къæвда æмæ йæ афоныл дæтты зæххы
бæркад; хойрагæй уæ хæссы æмæ уын уæ
зæрдæтæ цинæй æфсады». 18 Уыцы ныхæс-
ты фæрцы дæр зынтæй баурæдтой адæмы,
цæмæй сын нывонд ма æрхæссой.
19 Уæд Антиохи æмæ Иконийæ æрцыдысты
иудейæгтæ æмæ адæмы сардыдтой апос-
толты ныхмæ. Павелыл ралæууыдысты
дурадзагъдæй, æнхъæл уыдысты, амарди,
зæгъгæ, æмæ йæ сыфцæй ласæгау фæссахар-
мæ аластой. 20 Фæлæ йыл ахуыргæнинæгтæ
куы æрæмбырд сты, уæд Павел сыстад æмæ
фæстæмæ ацыди сахармæ. Дыккаг бон Вар-
навæимæ араст Дервимæ.
21 Уыцы сахармæ Фарны Уац æрхастой æмæ
бирæты скодтой ахуыргæнинæгтæ. Уый
фæстæ æрбаздæхтысты Листрæмæ, уырды-
гæй та — Иконимæ æмæ Антиохимæ. 22 Алы
ран дæр ныфс бауагътой ахуыргæнинæгты,
фæдзæхстой сын, цæмæй уырныдзинадыл
фидар хæцой, æмæ сын дзырдтой, Хуыца-
уы Паддзахадмæ бацæуыны сæраппонд
мах бирæ зынтæ бавзарын хъæуы, зæгъгæ.
23 Алы аргъуанæн дæр сæвæрдтой хистæртæ,
сæ къухтæ сыл æрæвæргæйæ. Ком даргæйæ
сын скуывтой æмæ сæ бафæдзæхстой, Кæ-
уыл баууæндыдысты, уыцы Бардарæгыл.
24 Апостолтæ ахызтысты Писидийыл æмæ
æрцыдысты Памфилимæ.
25 Пергийы фæцамыдтой Хуыцауы ныхас,
стæй ацыдысты Атталимæ. 26 Уырдыгæй
денджызыл сæ фæндаг адардтой Антиохимæ
æмæ уым сæххæст кодтой, Хуыцауы хорзæ-
хыл бафæдзæхсгæйæ сын цы хъуыддаг бабар
чындæуыд, уый.
27 Куы бахæццæ сты, уæд æрæмбырд код-
той аргъуаны уæнгты æмæ радзырдтой, Ху-
ыцау сæ фæрцы цыдæриддæр сарæзта, стæй
муртаттæгтæн уырныдзинады дуар куыд
байгом кодта, уый тыххæй. 28 Павел æмæ
Варнавæ уым дзæвгар рæстæг арвыстой
ахуыргæнинæгтимæ.

**15** Иудейæ чидæртæ æрбацыд æмæ æф-
сымæртæн райдыдтой амонын: «Моисейы
Æгъдаумæ гæсгæ сунæт куынæ скæнат, уæд
нæ фервæздзыстут». 2 Павел æмæ Варнавæ
семæ не сразы сты, æмæ сæм стыр быцæу
рауад. Уæд бауынаффæ кодтой, цæмæй Павел,
Варнавæ æмæ иннæ æфсымæртæй цалдæр
ацы хъуыддаджы фæдыл ацæуой апостолтæм
æмæ аргъуаны хистæртæм Йерусалиммæ.
3 Аргъуан сæ фæндагмæ срæвдз кодта, æмæ
ацыдысты Финики æмæ Самарийыл. Сæ фæн-
дагыл дзырдтой, муртаттæгтæ кæй здæхынц
Хуыцаумæ, æмæ уымæй æппæт æфсымæртæн
дæр хастой стыр цин. 4 Йерусалиммæ куы
æрхæццæ сты, уæд сыл æхсызгонæй сæмбæл-
дысты аргъуан, апостолтæ æмæ хистæртæ.
Павел æмæ сын Варнавæ радзырдтой, Хуыцау
сæ фæрцы цыдæриддæр сарæзта, уыдæтты
тыххæй. 5 Фæлæ, Йесойыл чи баууæндыд, уы-
цы фарисейтæй чидæртæ сыстадысты æмæ
дзырдтой, зæгъгæ, муртаттæгтæ хъуамæ
кæной сунæт æмæ сын хъæуы бафæдзæхсын
Моисейы Æгъдау æххæст кæнын.
6 Апостолтæ æмæ аргъуаны хистæртæ
æрæмбырд сты уыцы хъуыддаг равзарын-
мæ. 7 Дзæвгар ыл куы фæбыцæу кодтой, уæд
Петр сыстад æмæ загъта: «Æфсымæртæ,
сымах зонут, фыццаг бонтæй фæстæмæ
Хуыцау сымахæй мæн сæвзæрста, цæмæй
муртаттæгтæ мæ дзыхæй фехъусой Фарны
Уац æмæ баууæндой. 8 Æмæ зæрдæзонæг
Хуыцау муртаттæгтыл кæй ауды, уый рав-
дыста, уыдонæн дæр махау Сыгъдæг Уд кæй
балæвар кодта, уымæй. 9 Хуыцау махмæ дæр
æмæ уыдонмæ дæр иу цæстæй кæсы, уымæн
æмæ сын уырныдзинадæй ссыгъдæг кодта
сæ зæрдæтæ. 10 Ныр Хуыцауы цæмæн къахут?
Нæдæр нæ фыдæлтæ, нæдæр мах кæй нæ ба-
фæрæзтам хæссын, уыцы æфсондз ахуыргæ-
нинæгты æккой цæмæн æвæрут? 11 Мах куы
æууæндæм, уыдонау кæй фервæздзыстæм
æрмæст Бардарæг Йесойы хорзæхы руаджы».
12 Уæд се ’ппæт дæр ныссабыр сты æмæ
хъуыстой Варнавæ æмæ Павелмæ. Уыдон

**14:12** *Зевс* æмæ *Гермес* – рагон бердзенæгты хуыцæуттæ. Зевс сæм нымад уыди уæлдæр хуыцауыл, Гермес та – хуыцæутты фидиуæгыл.

дзырдтой, Хуыцау сæ фæрцы муртаттæгтæм
кæй саразта, уыцы æвдисæйнæгтæ æмæ
диссæгты тыххæй. 13Сæ ныхас куы фесты,
уæд райдыдта дзурын Йаков: «Æфсымæр-
тæ, байхъусут мæм. 14Симон нын радзырд-
та, Хуыцау райдианы муртаттæгтæм куыд
æркасти, уый, цæмæй Йæхицæн уыдонæй
адæм сæвзара. 15Уыимæ разы кæнынц пе-
хуымпарты ныхæстæ дæр. Фыст у:

16 „Уый фæстæ Æз раздæхдзынæн
æмæ ногæй сæвæрдзынæн
Давиды хауд цатыр.
Йæ хæлддзæгтæй йæ сыразын
кæндзынæн
æмæ йæ сног кæндзынæн,
17 цæмæй Дунедарæгмæ тырной
иннæ адæмтæ, æппæт муртаттæгтæ,
кæмæ фæсидтæн æмæ Мæ дæлбар чи
ис,
уыдон иууылдæр.
Афтæ зæгъы Бардарæг,
18 æппæт уыдæттæ рагзаманы
Чи раргом кодта, Уый“.

19Уымæ гæсгæ мæ хъуыды у: муртаттæгтæй
Хуыцаумæ чи здæхы, уыдоныл уæлдай уаргъ
ма æвæрæм. 20Фæлæ сæм ныффыссæм, æмæ
сæхи бахизæнт, мæнгхуыцæуттæн нывондæн
кæй æрхастой æмæ уый аххосæй чи фæчъизи,
уыцы хойраг хæрынæй, хъахбайдзинадæй,
хæдмæл дзидза æмæ туг хæрынæй [стæй,
сæхицæн сæ цы нæ фæнды, уый иннæтæн
дæр ма кæнæнт]. 21Моисейы Æгъдау рагæй-
æрæгмæ алы сахары дæр куы амонынц æмæ
йæ синагогæты алы сабат дæр куы кæсынц».

22Уæд апостолтæ æмæ хистæртæ æппæт
аргъуанимæ сфæнд кодтой аргъуанæй цал-
дæр лæджы сæвзарын æмæ сæ Павелимæ
æмæ Варнавæимæ Антиохимæ арвитын.
Æмæ сæрмагондæй равзæрстой, Варсавæ
дæр ма кæй хуыдтой, уыцы Иудæйы, стæй
Силæйы — æфсымæрты æхсæн дзырддзæу-
гæдæрты. 23Ныффыстой æмæ сын семæ ар-
выстой ахæм фыстæг:

«Апостолтæй æмæ аргъуаны хистæртæй,
уе ’фсымæртæй — Антиохийы, Сирийы æмæ
Киликийы муртаттæгтæй Хуыцаумæ чи
аздæхт, уыцы æфсымæртæм. Фæрнджын
ут. 24Æрбайхъуысти нæм, махæй чи ацыд,
уыдонæй уæ чидæртæ сæ ныхæстæй фæкъу-
ыхцы кодтой æмæ уын змæнтынц уæ зонд
[сымах хъуамæ кæнат сунæт æмæ хæцат
Моисейы Æгъдауыл, зæгъгæ]. Фæлæ сын
мах ахæмæй ницы бафæдзæхстам.

25Уымæ гæсгæ мах æмзæрдæйæ бауынаф-
фæ кодтам цалдæр лæджы сæвзарын æмæ
уæм сæ нæ уарзон æфсымæртæ Варнавæ
æмæ Павелимæ арвитын — 26уыцы дыууæ
адæймаджы сæ цард снывонд кодтой нæ
Бардарæг Йесо Чырыстийы номы сæраппонд
лæггад кæнынæн.

27Уæдæ уæм æрвитæм Иудæ æмæ Си-
лæйы — уыдон ма уын сæхæдæг дæр ра-
дзурдзысты, мах уæм цы ныффыстам, уый.
28Сыгъдæг Удимæ иумæ мах аскъуыддзаг
кодтам æмæ уыл æндæр уаргъ нал æвæ-
рæм, мæнæ ацы ахсджиагдæртæй фæстæ-
мæ: 29мæнгхуыцæуттæн хаст нывæндтæ,
туг æмæ хæдмæл дзидза хæрынæй, стæй
хъахбайдзинадæй хи хизын [æмæ, уæхицæн
уæ цы нæ фæнды, уый искæмæн нæ кæнын].
Уыдæттæй уæхи куы хизат, уæд раст бакæн-
дзыстут. Хæрзбон».

30Æрвыст æфсымæртæ æрцыдысты Ан-
тиохимæ, æрæмбырд кодтой уырнджыты
æмæ сæм радтой фыстæг. 31Уыдон фыстæг
куы бакастысты, уæд бацин кодтой — ацы
хабарæй разыйæ баззадысты. 32Иудæ æмæ
Силæ сæхæдæг пехуымпартæ уыдысты, би-
рæ фæныхас кодтой æфсымæртимæ, ба-
уагътой сæ ныфс æмæ сын бафтыдтой сæ
уырнындзинадыл.

33Уым фесты иу цасдæр, стæй сæ æфсы-
мæртæ фарнимæ афæндараст кодтой сæ
рарвитджытæм. 34[Фæлæ Силæйы бафæндыд
уым баззайын.] 35Павел æмæ Варнавæ та
баззадысты Антиохийы, бирæ æндæр æф-
сымæртимæ амыдтой адæмæн æмæ хъусын
кодтой Бардарæджы ныхас.

36Цасдæр рæстæджы фæстæ Павел загъта
Варнавæйæн: «Ацæуæм æмæ, Бардарæджы
ныхас кæдæм æрхастам, æппæт уыцы са-
харты бабæрæг кæнæм не ’фсымæрты, куыд
цæрынц, уый фенæм».

37Варнавæйы фæндыд, Марк кæй хуыд-
той, уыцы Иоанны дæр ма семæ акæнын.
38Фæлæ Павел разы нæ уыд, Памфилийы
сæ чи ныууагъта æмæ семæ кусын кæй нæ
бафæндыд, уыцы адæймаджы акæнынæл.
39Павел æмæ Варнавæйы æхсæн быцæу рауад,
æмæ фæхицæн сты. Варнавæ Маркы акодта
йемæ æмæ науыл Кипрмæ ацыд. 40Павел
та æмбæлццонæн сæвзæрста Силæйы, æф-
сымæртæ йæ бафæдзæхстой Бардарæджы
хорзæхыл, æмæ араст. 41Павел цыди Сири
æмæ Киликийыл æмæ йæ фæндагыл фидар
кодта аргъуантæ.

**16** Павел бахæццæ Дервимæ æмæ Листрæ-
мæ. Уым царди иу ахуыргæнинаг, йæ ном —
Тимофей. Йæ мад уыди иудейаг — чырыстон

сылгоймаг, йæ фыд та — муртаттаг. 2Лист-
рæйы æмæ Иконийы Тимофейæ тынг æппæ-
лыдысты æфсымæртæ. 3Павелы бафæндыд
Тимофейы йемæ акæнын. Уым иудейæгтæ
кæй царди, уымæ гæсгæ Тимофейæн сунæт
скодта, уымæн æмæ се 'ппæт дæр зыдтой,
йæ фыд муртаттаг кæй уыд, уый.
4Иу сахарæй иннæмæ цыдысты æмæ
уырнджытæн дзырдтой, цæмæй, апостол-
тæ æмæ аргъуаны хистæртæ Йерусалимы
цы уынаффæтæ рахастой, уыдон æххæст
кæной. 5Афтæмæй фидар кодта аргъуанты
уырныныдзинад, бонæй-бон фылдæр кодта
уырнджыты нымæц.
6Ахызтысты Фригийыл æмæ Галатийы
бæстыл, уымæн æмæ сæ Сыгъдæг Уд нæ ба-
уагъта Хуыцауы ныхас Азийы провинцийы
амонын. 7Мисийы арæнмæ куы бахæццæ
сты, уæд архайдтой Вифинимæ ацæуыныл,
фæлæ сæ Йесойы Уд уырдæм нæ бауагъта.
8Уæд ахызтысты Мисийыл æмæ æрбахæццæ
сты Троадæмæ.
9Уыцы æхсæв Павел федта цæстылуайæн:
йæ разы æрлæууыд иу македойнаг лæг æмæ
йæм хатыд: «Æрцу Македонимæ æмæ нын
баххуыс кæн». 10Павелы цæстылуайæны
хæдуæлвæд мах нæхи срæвдз кодтам Маке-
донимæ цæуынмæ — бамбæрстам, Хуыцау
нæм уырдæм Фарны Уац фæхæссынмæ кæй
фæсидти, уый.
11Араст стæм Троадæйæ æмæ æмраст ба-
цыдыстæм Самофракимæ, уырдыгæй дыккаг
бон — Неапольмæ, 12уырдыгæй та — ромаг
колони Филипптæм, Македонийы уыцы ха-
йы сæйраг сахармæ. Фестæм дзы цалдæр
боны, 13сабаты та ацыдыстæм фæссахармæ,
цæугæдоны цурмæ, мах куыд æнхъæл уы-
дыстæм, афтæмæй кувæн бынат кæм уыди,
уырдæм. Æрбадтыстæм æмæ ныхас кодтам,
чи æрæмбырд, уыцы сылгоймæгтимæ. 14Æмæ
Фиатирæйы сахарæй иу сылгоймаг, Хуыца-
уæн аргъуыц чи кодта, ахæм, йæ ном — Лидиа,
сæнт сырх хъуымац уæйгæнæг, хъуыста ны-
хасмæ. Бардарæг ын байгом кодта йæ зæрдæ,
æмæ йæм Павелы ныхæстæ тынг бахъардтой.
15Йæхæдæг дæр æмæ йæ хæдзаронтæ дæр
донаргъуыд куы райстой, уæд нæм æрха-
тыд: «Кæд мæ, Бардарæгыл иузæрдион чи у,
ахæмыл нымайут, уым рацæут мæ хæдзармæ
æмæ цæрут мæнмæ». Æмæ нæ сразы кодта.
16Иу хатт кувæн бынатмæ куы фæ-
цæйцыдыстæм, уæд ныл сæмбæлди,
дæсныфæрсыныл ардауæг æнæзæгъинаг
кæй æрцахста, ахæм лæггадгæнæг чызг.
Дæсныфæрсынæй йæ хицæуттæн хаста
стыр æфтиаг. 17Павелимæ-иу куы цыдыс-
тæм, уæд-иу нæ фæдыл бафтыд æмæ хъæр
кодта: «Ацы лæгтæ Иууылбæрзонд Хуыцауы
цагъартæ сты; уыдон уын фервæзыны фæн-
даг амонынц».
18Афтæ кодта бирæ бонты дæргъы. Павел
æппынфæстаг смæсты, акасти фæстæмæ
æмæ æнæзæгъинагæн загъта: «Йесо Чы-
рыстийы номæй дын бардзырд дæттын:
рацу дзы».
Æмæ дзы уайсахат рацыд. 19Се 'фтиагыл
зæрдæ дарæн кæй нал ис, чызджы хицæуттæ
уый куы федтой, уæд Павел æмæ Силæйы æр-
цахстой, лæгдыхæй сæ акодтой сæйраг фæз-
мæ, сахары сæргълæуджытæм. 20Бакодтой
сæ сахары хицæуттæм æмæ загътой: «Ацы
лæгтæ сты иудейæгтæ æмæ змæнтынц нæ
сахар. 21Хæлиу кæнынц, махæн, ромæгтæн,
сæрмæхæссинаг чи нæу æмæ нын æххæст
кæнын кæй не 'мбæлы, ахæм æгъдæуттæ».
22Адæм дæр Павел æмæ Силæйы ныхмæ
фесты. Уæд сахары хицæуттæ радтой бар-
дзырд, цæмæй дыууæйæн дæр сæ дарæс сæ
уæлæйæ æрræдувой æмæ сæ лæдзджытæй
фæнæмой. 23Дзæбæх сæ куы фæнадтой, уæд
сæ баппæрстой ахæстоны, æмæ хъахъхъæ-
нæгæн бафæдзæхстой, къæрцхъусæй сæ
куыд хъахъхъæна. 24Уый ахæм бардзырд
куы райста, уæд сæ баппæрста ахæстоны
рæбинаг хаймæ æмæ сын сæ къæхтыл ба-
кодта хъадамантæ.
25Æмбисæхсæвмæ хæстæг Павел æмæ Си-
лæ куывтой, зарыдысты Хуыцауы кадæн,
ахæстытæ та сæм хъуыстой.
26Æваст зæхх афтæ тынг нынкъуысыд, æмæ
ахæстон йæ бындурæй ныззмæлыд. Уайсахат
байгом сты ахæстоны æппæт дуæрттæ, æмæ
ахæстытæ иууылдæр сæ рæхыстæй суæгъд
сты. 27Ахæстоны хъахъхъæнæг куы райхъал
æмæ дуæрттæ гомæй куы федта, уæд фелвæс-
та йæ кард æмæ хъавыди йæхи амарынмæ;
æнхъæл уыд, æмæ ахæстытæ алыгъдысты.
28Фæлæ Павел ныхъхъæр кодта: «Дæхи-
цæн знаггад ма ракæн! Мах не 'ппæт дæр
ам стæм!»
29Уæд хъахъхъæнæг æрбахæссын кодта
цырагъ, базгъордта ахæстонмæ æмæ тæрс-
гæ-ризгæйæ Павел æмæ Силæйы къæхтæм
йæхи æрæппæрста.
30Стæй сæ рахуыдта æддæмæ æмæ сæ
бафарста: «Ме 'лдæрттæ, фервæзынæн мын
цы амал ис?»

**16:12** *Колони* – ромаг граждæнтæ кæм цардысты, ахæм сахар.

31Уыдон ын загътой: «Бауузнд Бардарæг
Йесойыл æмæ фервæздзынæ дæхæдæг дæр,
стæй дæ хæдзаронтæ дæр».
32Хъахъхъæнæгæн æмæ йе ’ппæт хæдза-
ронтæн Павел æмæ Силæ фæцамыдтой Бар-
дарæджы ныхас. 33Хъахъхъæнæг сæ æхсæвы
тæккæ уыцы сахатыл ракодта, цæхсадта сын
сæ хъæдгæмттæ æмæ æвæстиатæй аргъуыд
райста йæхæдæг дæр æмæ йе ’ппæт хæдза-
ронтæ дæр. 34Павел æмæ Силæйы бахуыдта
йæ хæдзармæ, фынг сын æрæвæрдта æмæ
цин кодта йе ’ппæт хæдзаронтимæ, Хуы-
цауыл кæй бауæндыдысты, уый тыххæй.
35Куы сбон ис, уæд сахары хицæуттæ се
’ххуысгæнджыты арвыстой ахæстонмæ бар-
дзырдимæ: «Рауадзут уыцы лæгты». 36Хъахъ-
хъæнæг уыцы ныхæстæ фæхæццæ кодта
Павелмæ: «Сахары хицæуттæ æрбарвыстой
уæ рауадзыны бардзырд, æмæ цæугæут ныр
фарнимæ».
37Фæлæ Павел загъта: «Мах, ромаг граж-
дæнты, æнæ тæрхонæй куы надтой æппæт
адæмы раз æмæ нæ ахæстоны куы баппæрс-
той, уæд нæ ныр сусæгæй уадзынц? Уымæн
уæвæн нæй. Æрцæуæнт æмæ нæ сæхæдæг
ракæнæнт ардыгæй».
38Æрвыст лæгтæ уыцы ныхæстæ фæхæццæ
кодтой сахары хицæуттæм. Уыдон, ромаг
граждæнтæ кæй сты, уый куы фехъуыстой,
уæд старстысты, 39Æрцыдысты сæм æмæ сæ
хатыр ракуырдтой. Ракодтой сæ ахæстонæй
æмæ сæм ныххатыдысты, цæмæй сахарæй
ацæуой. 40Павел æмæ Силæ ахæстонæй æр-
цыдысты Лидиайы хæдзармæ. Уым фембæл-
дысты æфсымæртимæ, ныфс сæ бауагътой
æмæ араст сты дарддæр.

**17** Павел æмæ Силæ ахызтысты Амфипол
æмæ Аполлонийыл, æрцыдысты Фессалони-
кæмæ. Ам уыдис иудейаг синагогæ. 2Павел
ацы хатт дæр раздæрау бацыди синагогæмæ
æмæ æртæ сабаты адæмимæ ныхас кодта
Сыгъдæг Фысты тыххæй; 3æмбарын сын æй
кодта æмæ архайдта ууыл, цæмæй бауæн-
дой: Чырысти хъуамæ фæхъизæмар кодтаид
æмæ райгас уыдаид. Дзырдта сын, æз уын
цы Йесойы тыххæй хъусын кæнын, Уый
Чырысти у, зæгъгæ. 4Уыдонæй иуæй-иутæ
бауæндыдысты æмæ баиу сты Павел æмæ
Силæимæ. Семæ ма бауæндыдысты, Ху-
ыцауы чи нымадта, уыцы муртаттæгтæй
тынг бирæ, стæй кадджын сылгоймæгтæй
дзæвгар.
5Уæд иудейæгтæ сæ фыр хæлæгæй, сахары
фæзы æнаккаг адæмæй чи уыд, уыдонæй
цалдæры семæ райстой æмæ æгас сахар
сызмæстой. Балæбурдтой Йасоны хæдзар-
мæ æмæ хъавыдысты Павел æмæ Силæйы
адæмы размæ ракæнын. 6Куынæ сæ ссард-
той, уæд Йасоны æмæ æфсымæртæй цалдæ-
ры лæгдыхæй акодтой сахары хицæуттæм.
Уыдон хъæр систой: «Ацы адæм æгас дуне
сызмæстой, ныр та ардæм æрбацыдысты.
7Йасон сæ суазæг кодта. Уыдон халынц ке-
сæры уагæвæрдтæ æмæ дзурынц, зæгъгæ, ис
æндæр паддзах — Йесо». 8Афтæмæй сызнæт
кодтой, чи сæм хъуыста, уыцы адæмы æмæ
сахары хицæутты. 9Хицæуттæ Йасонæй æмæ
иннæтæй дæр цъынды райстой æхца æмæ
сæ рауагътой.
10Æфсымæртæ Павел æмæ Силæйы æхсæ-
вы æвæстиатæй арвыстой Веримæ. Уырдæм
куы бахæццæ сты, уæд бацыдысты иудейаг
синагогæмæ. 11Вериæгтæ фессалоникæгтæй
уæздандæр разындысты: Хуыцауы Дзырд-
мæ хъуыстой тынг зæрдиагæй; Павел æмæ
Силæ раст амонынц æви нæ, уый базоныны
тыххæй æрвылбон иртæстой Сыгъдæг Фыст.
12Уыдонæй бауæндыдысты бирæтæ, стæй
ма бердзенаг кадджын сылгоймæгтæ æмæ
нæлгоймæгтæй дæр дзæвгар. 13Павел Хуы-
цауы Дзырд Верийы дæр кæй хъусын кæны,
уый фессалоникаг иудейæгтæ куы базыдтой,
уæд æрбацыдысты уырдæм дæр, райдыдтой
адæмы ардауын æмæ сæ знæт кæнын. 14Уæд
æфсымæртæ Павелы æвæстиатæй арвыстой
денджызмæ, Силæ æмæ Тимофей та уым
баззадысты.
15Павелимæ чи рацыд, уыдон æй бахæццæ
кодтой Афинтæм æмæ фæстæмæ раздæх-
тысты. Павел сын Силæ æмæ Тимофейы
тыххæй бафæдзæхста, гæнæн æмæ амалæй
мæм æвæстиатæй рацæуæнт, зæгъгæ.
16Павел сæм æнхъæлмæ каст Афинты æмæ
фыхти фыр мæстæй, уымæн æмæ уыдта,
сахар гуымирытæй йемыдзаг кæй уыд, уый.
17Павел синагогæйы ныхас кодта иудейæгти-
мæ æмæ Хуыцауы нымайæг бердзенæгтимæ,
стæй, Павелыл æрвылбон сахары фæзы чи
æмбæлд, уыдонимæ. 18Эпикурион æмæ сто-
икон философтæй иуæй-иутæ райдыдтой
йемæ быцæу кæнын. Сæ иутæ дзырдтой:
«Цы зæгъынмæ хъавы уыцы дзæгъæлдзых?»
Иннæтæ та: «Æнхъæлдæн, уый æцæгæлон
хуыцæуттыл æууæндын кæны». Уымæн æмæ
сын Павел дзырдта Фарны Уац Йесойы тых-
хæй æмæ сын кодта мæрдтæй райгасы кой.

**17:18** *Эпикурион æмæ стоикон философтæ* – уæ-
ды заманы зындгонддæр бердзенаг философон скъолаты
минæвæрттæ.

19Уыдон Павелы ахуыдтой Ареопагмæ
æмæ йын дзырдтой: «Ды цы ног ахуырад
амоныс, уый базонын нæ бон у? 20Дæуæй
цыдæр æнахуыр диссаг хъусæм, æмæ цы
у, уый базонын нæ фæнды». 21Афинæгтæ
æмæ уым цæрæг фæсарæйнæгтæ сæ рæстæг
хуыздæрæн æрвыстой исты ног хабæрттæ
дзургæйæ кæнæ сæм хъусгæйæ.
22Павел слæууыд Ареопагы астæу æмæ
загъта: «Афинæгтæ, æз уынын: сымах тынг
диныл хæст адæм стут. 23Æз зылдтæн са-
харыл æмæ уын федтон уæ кувæндæттæ.
Нывондхæссæнтæй иуыл фыст уыдис аф-
тæ: „Æнæзонгæ Хуыцауæн“. Уæдæ, нæ Йæ
зонут, афтæмæй Кæмæ кувут, æз уын Уый
тыххæй дзурын. 24Дуне, стæй дунейы цы ис,
æппæт уыдæттæ цы Хуыцау сфæлдыста, Уый
у арв æмæ зæххы Бардарæг — къухæйконд
кувæндæтты нæ цæры. 25Раст цыма хъуаг
истæмæй æййафы, уыйау Æй адæймаджы
къухты фæллой нæ хъæуы, уымæн æмæ
алкæмæн дæр цард, царды комулæфт æмæ
алцыдæр Йæхæдæг дæтты. 26Иу адæйма-
гæй равзæрын кодта æппæт адæмы, цæмæй
æгас зæххыл æрцæрой, æмæ алкæмæн дæр
снысан кодта бæлвырд рæстæг æмæ арæнтæ
цæрынæн. 27Цæмæй агурой Хуыцауы, сæ бон
Æй уа банкъарын æмæ ссарын, кæд махæй
алкæмæ дæр дард нæу, уæддæр. 28Йæ фæр-
цы цæрæм, змæлæм æмæ удæгас стæм, уæ
поэттæй иуæй-иутæ куыд загътой, афтæ:
„Мах Йæ хъæбултæ стæм“.
29Æмæ кæд Хуыцауы хъæбултæ стæм, уæд
хъуамæ зонæм, Хуыцау кæй нæу, адæймаг
йæ арæхстдзинады æмæ йæ зонды фæрцы
сыгъзæрин, æвзист æмæ дурæй цы фæл-
гонцтæ саразы, уыдоны хуызæн. 30Уæдæ
Хуыцау нал кæсы, куынæ Йæ зыдтой, уыцы
рæстæджытæм; фæлæ ныртæккæ æппæт
адæмæй алы ран дæр домы тæригъæдтыл
æрфæсмон кæнын. 31Уымæн æмæ снысан
кодта, Кæй сæвзæрста, уыцы Адæймаджы
фæрцы „дунейæн æнæхæрам тæрхон рахæс-
сыны бон“. Афтæ кæй уыдзæн, уый алкæмæн
дæр равдыста, мæрдтæй Йæ кæй райгас
кодта, уымæй».
32Мæрдты райгасы тыххæй куы фехъуыс-
той, уæд иутæ райдыдтой худын, иннæтæ
та дзырдтой: «Уый тыххæй дæм æндæр хатт
байхъусдзыстæм».
33Уæд сæ Павел ныууагъта. 34Фæлæ
дзы иуæй-иутæ баиу сты Павелимæ æмæ
бауæндыдысты; уыдонимæ уыдысты Арео-
пагы уæнг Дионисий, стæй, Дамар чи хуын-
ди, уыцы сылгоймаг æмæ иннæтæ.

**18** Уый фæстæ Павел ныууагъта Афинтæ
æмæ араст ис Коринфмæ. 2Уым сæмбæлди,
йæ ном Акилæ кæмæн уыд, ахæм цавæрдæр
понтаг иудейагыл йæ ус Прискиллæимæ. Уы-
дон æрæджы æрцыдысты Италийæ, уымæн
æмæ, кесæр Клавдийы бардзырдмæ гæсгæ,
æппæт иудейæгтæ дæр хъуамæ Ромæй ацы-
даиккой. Павел æрбацыди уыдонмæ, 3баззад
сæм æмæ куыста семæ, уымæн æмæ сæм
Павелимæ иу дæсныйад уыди — цатыртæ
аразын. 4Алы сабат та ныхас кодта синаго-
гæйы, йæхи хъардта иудейæгты æмæ мур-
таттæгты бауæндын кæныныл.
5Силæ æмæ Тимофей Македонийæ куы æр-
цыдысты, уæд Павел йæ рæстæг иууылдæр
бахардз кодта Хуыцауы ныхас амоныныл —
иудейæгты æууæндын кодта, Йесо Хуыцауы
Байсæрст кæй у, ууыл. 6Фæлæ уыдон йæ ныхмæ
кæй уыдысты æмæ йæ кæй фаудтой, уымæ
гæсгæ Павел ацагъта йæ дарæсы рыг æмæ сын
загъта: «Уе сæфт уæхи тыххæй æрцæудзæн, æз
сыгъдæг дæн æмæ ныр муртаттæгтæм цæуын».
7Павел араст уырдыгæй æмæ æрцыди,
Хуыцауы чи нымадта, иу ахæм лæджы хæ-
дзармæ, йæ ном — Титий Иуст; йæ хæдзар
уыди синагогæйы фарсмæ. 8Синагогæйы
хицау Крисп йе ’ппæт хæдзаронтимæ бау-
æндыд Йесойыл. Коринфæгтæй Павелмæ
чи байхъуыста, уыдонæй дæр бирæтæ бау-
æндыдысты æмæ аргъуыд райстой.
9Иу хатт æхсæвы Павелмæ фæзынд Бар-
дарæг æмæ йын загъта: «Тæрсгæ ма кæн,
фæлæ дзур æнæрынцайгæйæ. 10Æз демæ
дæн, æмæ дæм фыдбылыз саразынмæ никæй
къух баххæсдзæн, уымæн æмæ Мын ацы
сахары бирæ адæм ис». 11Æмæ дзы Павел
баззад афæдз æмæ æхсæз мæйы, адæмы
ахуыр кодта Хуыцауы Дзырдыл.
12Фæлæ Ахайæн йæ хицау Галлион куы уы-
ди, уæд иудейæгтæ æмвæндæй балæбурдтой
Павелмæ æмæ йæ æрбакодтой тæрхондонмæ,
13ацы лæг Хуыцаумæ кувыныл Æгъдаумæ
гæсгæ нæ ахуыр кæны, зæгъгæ.
14Павел йæ дзых дæр нæма байгом кодта,
афтæ Галлион иудейæгтæн загъта: «Иуде-
йæгтæ, исты фыдбылыз кæнæ фыдракæнд
куы æрцыдаид, уæд мын æфсон уыдаид
сымахмæ байхъусынæн. 15Фæлæ кæд ныхæс-
тыл, нæмттыл æмæ уе ’Гъдауыл у уæ быцæу,
уæд уæ бар уæхи. Ахæм хъуыддæгты уын æз
тæрхонгæнæг нæ уыдзынæн».

**17:19** *Ареопаг* – къуылдым Афинты, рагзаманты – сахары хицауады уынаффæгæнæн бынат.

16Уыйадыл сæ тæрхондонæй ратардта.
17Уæд иууылдæр синагогæйы хицау Сосфе-
ныл сæхи ныццавтой æмæ йæ тæрхондоны
раз нæмын райдыдтой. Фæлæ Галлион уый
хъуыды дæр не 'ркодта.

18Павел Коринфы дзæвгар бафæстиат, стæй
хæрзбон загъта æфсымæртæн æмæ Акилæ
æмæ Прискиллæимæ науы ацыди Сиримæ.
Хуыцауæн дзырд кæй радта, уымæ гæсгæ
балцы размæ Кенхрейы алвыдта йæ сæр.
19Бахæццæ сты Эфесмæ. Уым ныууагъта
Акилæ æмæ Прискиллæйы, йæхæдæг та си-
нагогæмæ бацыд æмæ иудейæгтимæ ныхас
кæнын райдыдта. 20Уыдон æм æрхатыдысты,
цæмæй сæм иу цасдæр афæстиат уа, фæлæ
Павел не сразы. 21Цæуыны размæ сын загъ-
та: «[Цы бæрæгбон æрхæццæ кæны, уый æз
æнæмæнг Йерусалимы хъуамæ арвитон.]
Хуыцауы фæндæй та уæм æрыздæхдзынæн».
Æмæ науы ацыдис Эфесæй. 22Кесарийы
рахызти науæй æмæ æрцыд Йерусалим-
мæ. Уым аргъуаны фембæлд уырнджыти-
мæ æмæ араст Антиохимæ. 23Иу цасдæр
дзы куы фæци, уæд араст æмæ æрзылди
Галати æмæ Фригийы бæстæтыл, йæ фæн-
дагыл фидар кодта æппæт ахуыргæнинæгты
уырнындзинад.

24Иу цавæрдæр александриаг иудейаг, йæ
ном — Аполлос, æрцыд Эфесмæ. Аполлос
уыди дзырдарæхст лæг, хорз зыдта Сыгъ-
дæг Фыст. 25Бардарæджы фæндаг цы у, уый
йын бацамындæуыд, æмæ Йесойы тыххæй
дзырдта æмæ ахуыр кодта тынг зæрдиагæй,
стæй раст, кæд æрмæст Иоанны аргъуыд
зыдта, уæддæр. 26Аполлос ныфсджынæй
дзурын райдыдта синагогæйы. Акилæ æмæ
йæм Прискиллæ куы байхъуыстой, уæд æй
ахуыдтой сæхимæ æмæ йын бæлвырддæр
бацамыдтой Хуыцауы фæндаг. 27Ахаймæ
цæуыны фæнд æм куы фæзынд, уæд ын æф-
сымæртæ баххуыс кодтой, стæй ныффыстой
ахуыргæнинæгтæм, цæмæй йыл баузæлой.
Уырдæм куы æрцыд, уæд тынг ахъаз фæци,
Хуыцауы хорзæхы руаджы чи бауырнæндыд,
уыдонæн. 28Æппæт адæмы раз-иу йæ тых-
джын ныхасæй басаста иудейæгты — Сыгъ-
дæг Фысты фæрцы æмбарын кодта, Йесо
Чырысти кæй у, уый.

**19** Аполлос Коринфы куы уыд, уыцы рæс-
тæг Павел ахызти хæхбæстæтыл æмæ æрцыд
Эфесмæ. Уым фембæлд цалдæр ахуыргæ-
нинагыл 2æмæ сæ бафарста: «Куы бауырæн-
дыдыстут, уæд Сыгъдæг Удæй схайджын
стут?» Уыдон ын дзуапп радтой: «Сыгъдæг
Уды кой мах хъусгæ дæр нæ фæкодтам».
3Уæд сæ бафарста: «Уæдæ уыл цавæр ар-
гъуыдæй саргъуыдæуыд?» Уыдон дзуапп
радтой: «Иоанны аргъуыдæй». 4Павел загъ-
та: «Иоанн аргъуыдта, йæ тæригъæдтыл чи
æрфæсмон кодта, уыдоныл. Уый дзырдта
адæмæн, цæмæй бауырæндой, йæ фæстæ Чи
æрцæуы, Уыл, ома Йесойыл».

5Ахуыргæнинæгтæ уый куы фехъуыстой,
уæд аргъуыд райстой Бардарæг Йесойы но-
мыл. 6Павел сыл йæ къухтæ куы авæрдта,
уæд Сыгъдæг Удæй схайджын сты, райдыд-
той æндæр æвзæгтыл дзурын æмæ пехуым-
париуæг кæнын. 7Уыдысты иу-дыууадæс
лæджы бæрц.

8Павел ацыд синагогæмæ æмæ æртæ мæ-
йы дæргъы æдæрсгæ пехуымпариуæг кодта
Хуыцауы Паддзахады тыххæй æмæ адæмы
æууæндын кодта. 9Фæлæ иуæй-иутæ хъæд-
дыхæй ныхмæ куы лæууыдысты, куы не
'ууæндыдысты æмæ адæмы раз æргом куы
фаудтой Бардарæджы фæндаг, уæд сæ Павел
ныууагъта, рахицæн кодта ахуыргæнинæгты
æмæ æрвылбон семæ ныхас кодта Тиранны
скъолайы. 10Афтæ ахаста дыууæ азы, æмæ
Азийы æппæт цæрджытæ — иудейæгтæ дæр
æмæ муртаттæгтæ дæр — фехъуыстой Бар-
дарæджы ныхас.

11Хуыцау Павелы уылты арæзта æнахуыр
диссæгтæ. 12Рынчынтыл-иу æрæвæрдтой
Павелы къухмæрзæнтæ æмæ раздарæн-
тæ, æмæ-иу адзæбæх сты сæ низтæй, æнæ-
згъинæгтæ-иу рацыдысты сæ хуылфæй.
13Иудейаг хæтæг кæлæнгæнджытæй дæр
иуæй-иутæ ацархайдтой Бардарæг Йесойы
номæй пайда кæныныл — дæлимонты-иу
куы сырдтой, уæд дзырдтой: «Бардзырд уын
дæттæм, Павел Кæй тыххæй дзуры, уыцы
Йесойы номæй». 14Афтæ кодтой цавæрдæр
иудейаг алчер Скевæйы авд фырты дæр.
15Фæлæ сын æнæзæгъинаг загъта: «Йесойы
зонын, Павел дæр мын зындгонд у, сымах
та чи стут?» 16Уæд сыл, æнæзæгъинаг кæй
мидæг уыд, уыцы адæймаг йæхи ныццав-
та æмæ сын ахæм над скодта, æмæ уыцы
хæдзарæй лидзæг фесты бæгънæгæй æмæ
цæфтæй. 17Уыцы хабар айхъуыст Эфесы æп-
пæт цæрджытыл — иудейæгтыл дæр æмæ
муртаттæгтыл дæр, се 'ппæты дæр тас ба-
цыд, æмæ Бардарæг Йесойы ном кадджы-
нæй-кадджындæр кодта. 18Чи бауырæндыд,
уыдонæй-иу бирæтæ æрбацыдысты æмæ
æргом кодтой се 'взæр митæ. 19Кæлæнгæн-
джытæй бирæтæ иу ранмæ æрбахастой сæ
чингуытæ æмæ сæ басыгътой æппæт адæмы

раз. Чингуыты аргъ куы банымадтой, уæд
рауад дæс æмæ дыууиссæдз мин драхмæйы.
20 Афтæ Бардарæджы ныхас парахатдæр æмæ
ахадгæдæр кодта.
21 Æппæт уыдæтты фæстæ Павелы бафæн-
дыд Македони æмæ Ахайыл Йерусалиммæ
ацæуын. Павел загъта: «Йерусалимы фæстæ
хъуамæ бабæрæг кæнон Ром дæр». 22 Йæ æх-
хуысгæнджытæй дыууæйы, Тимофей æмæ
Эрасты, арвыста Македонимæ, йæхæдæг та
рæстæгмæ баззад Азийы.
23 Уыцы рæстæг стыр змæст æрцыди Барда-
рæджы Фæндаджы ныхмæ. 24 Иу зæрингуырд,
йæ ном — Димитрий, æвзистæй кодта сыл-
гоймаг-хуыцау Артемидæйы кувæндæттæ
æмæ уымæй æрмдæснытæн лæвæрдта стыр
æфтиаг райсыны фадат. 25 Димитрий уыдо-
ны дæр æмæ ма æндæр æрмдæсныты дæр
æрæмбырд кодта æмæ сын загъта: «Хорз
адæм, сымах зонут, нæ фæрныг цард ацы
куыстæй аразгæ кæй у. 26 Афтæмæй та уынут
æмæ хъусут, æрмæст Эфесы нæ, фæлæ æппæт
Азийы дæр уыцы Павел кæй асайдта бирæ
адæмы — бауæндын сæ кодта, адæймаджы
къухтæ кæй сарæзтой, уыдон хуыцæуттæ не
сты, зæгъгæ. 27 Махæн дзы уымæй тæссаг у,
æмæ сæгад уыдзæн канд нæ дæсныйад нæ,
фæлæ æппындæр цæсты нал ахаддзæн стыр
сылгоймаг-хуыцау Артемидæйы кувæн-
дон дæр; æмæ йæ ном нал нæрдзæн, æп-
пæт Аси æмæ æппæт дуне кæмæн кувынц,
уыцы сылгоймаг-хуыцауæн». 28 Уыдон уый
куы фехъуыстой, уæд сæ маст рафыхт æмæ
хъæр систой: «Кадджын уæд Стыр Эфесаг
Артемидæ!»
29 Æгас сахар æддæг-мидæг ауади. Адæм
æрцахстой Павелы македойнаг æмбæлццæт-
тæ Гайос æмæ Аристархы æмæ æмгуылфæй
атындзыдтой театрмæ. 30 Павелы фæндыд
адæммæ рацæуын, фæлæ йæ ахуыргæни-
нæгтæ нæ бауагътой. 31 Асиаг хицæуттæй
иуæй-иутæ — йæ хæлæрттæ — арвыстой
Павелмæ æмæ дзы куырдтой, театрмæ ма
рацу, зæгъгæ. 32 Ныр адæмæй иутæ иу хъæр
кодтой, иннæтæ та — иннæ. Кæрæдзийы нал
æмбæрстой, сæ фылдæр нæ зыдтой, цæй
фæдыл æрæмбырд сты, уый. 33 Иудейæгтæ
размæ рацæуын кодтой Александры. Уый
йæ къухæй ацамыдта, цæмæй адæм басабыр
уой, æмæ хъæвыди дзыллæйы раз йæхиуæт-
ты сраст кæнынмæ. 34 Фæлæ, иудейаг кæй у,
уый куы базыдтой, уæд дыууæ сахаты бæрц
æмхъæр кодтой: «Стыр у Эфесаг Артемидæ!»
35 Сахары хицæуттæй иу æрсабыр код-
та адæмы æмæ загъта: «Эфесæгтæ, чи уæ
нæ зоны, Эфесы сахар стыр Артемидæйы
кувæндонæн æмæ, уæларвæй чи æрхауд,
йæ уыцы фæлгонцæн лæггадгæнæг кæй
у, уый? 36 Æмæ кæд уый дызæрдыггаг нæу,
уæд хъуамæ уат сабыр æмæ сæртæг ми-
тæй уæхи бахизат. 37 Сымах та æрбакодтат,
кувæндон дæр чи нæ фæкъахта æмæ нын
нæ сылгоймаг-хуыцауы дæр чи нæ фаудта,
уыцы лæгты. 38 Кæд Димитрий æмæ иннæ
æрмдæснытæ искæмæй хъаст кæнынц, уæд
ис тæрхондæттæ, ис хицæуттæ — уырдæм
бахъаст кæнæнт. 39 Кæд уын уый фаг нæу,
уæд, æгъдаумæ гæсгæ, фарстæн алыггæ-
нæн ис адæмон æмбырды. 40 Махæн тæссаг
у, абон цы змæст æрцыд, уый тыххæй нæ
куы фæзылын кæной, уымæй. Ацы змæстæн
æфсон нæй, æмæ нæхи сраст кæнын нæ бон
нæ бауыдзæн».
Уыцы ныхæсты фæстæ ауагъта адæмы.

**20** Змæст куы æрсабыр ис, уæд Павел аху-
ыргæнинæгты æрæмбырд кодта æмæ сæ
ныфс бауагъта, хæрзбон сын загъта æмæ
араст Македонимæ. 2 Йæ балцы рæстæг йæ
ныхасæй ныфс лæвæрдта уырнджытæн.
Афтæмæй бахæццæ Бердзенмæ. 3 Уым фæ-
ци æртæ мæйы. Уырдыгæй Сиримæ науы
ацæуынмæ куы хъавыд, уæд иудейæгтæ
йæ ныхмæ сусæгвæнд скодтой, æмæ, уый
базонгæйæ, Македонийыл аздæхын сфæнд
кодта. 4 Павелимæ [Асимæ] уыдысты вериаг
Сопатр — Пирры фырт, фессалоникæгтæ
Аристарх æмæ Секунд, дервиаг Гайос æмæ
Тимофей, стæй асиæгтæ Тихик æмæ Тро-
фим. 5 Уыдон ацыдысты нæ разæй æмæ нæм
æнхъæлмæ кастысты Троадæйы. 6 Мах та
Донгонд дзулты бæрæгбоны фæстæ науы
ацыдыстæм Филиппты сахарæй, фондз боны
фæстæ семæ баиу стæм Троадæйы æмæ дзы
фестæм авд боны.
7 Къуырийы фыццаг бон дзулсастмæ куы
æрæмбырд стæм, уæд Павел ныхас кодта
ахуыргæнинæгтимæ. Дыккаг бон æм ацæ-
уыны фæнд кæй уыд, уымæ гæсгæ йæ ны-
хас æмбисæхсæвмæ дæр нæ фæци. 8 Кæм
æрæмбырд стæм, уыцы уæллаг уаты сыгъди
бирæ цырæгътæ. 9 Иу лæппу, йæ ном — Ев-
тих, бадти рудзынджы тæрвазыл. Павелы
дæргъвæтин ныхасы рæстæг ыл хуыссæг
фæтых ис, тарф фынæй баци æмæ æртыккаг
уæладзыгæй рахауд. Куы йыл схæцыдысты,
уæд разынди мард. 10 Павел æрцыд, ныд-
дæлгом ыл æмæ йын ныхъхъæбыс кодта:
«Ма тыхсут, — загъта, — йæ уд йæ мидæг
ис». 11 Фæстæмæ уатмæ куы ссыди, уæд дзул

æрсаста æмæ бахордта. Сæумæцъæхтæм
фæныхас кодта, стæй ацыд. 12Ныр лæппуйы
та сæхимæ удæгасæй акодтой, æмæ уый се
’ппæтæн дæр стыр цин уыди.

13Мах ацыдыстæм разæй, сбадтыстæм
науы æмæ ацыдыстæм Ассмæ, цæмæй Па-
велы уырдыгæй немæ ракæнæм. Уымæн
æмæ нын йæхæдæг афтæ бафæдзæхста, йæ
зæрды фистæгæй ацæуын кæй уыди, уый
тыххæй. 14Павел Ассы баиу немæ, сбадти
нæ науы, æмæ æрцыдыстæм Митиленæмæ.
15Уырдыгæй араст стæм æмæ иннæ бон Хи-
осы цурты фæцæйцыдыстæм; дыккаг бон
бахæццæ стæм Самосмæ [фестæм Трогилли-
йы] æмæ иннæ бон æрцыдыстæм Милетмæ.
16Павелы Эфесмæ бацæуын нæ фæндыд,
цæмæй Азийы ма бафæстиат уа. Тагъд код-
та, уымæн æмæ йæ фæндыд, кæд бантыса,
уæд Къуыриты бæрæгбонмæ Йерусалиммæ
бахæццæ уæвын.

17Павел Милетæй Эфесмæ арвыста аргъу-
аны хистæрты æрхонынмæ. 18Куы йæм æр-
цыдысты, уæд сын загъта: «Сымах зонут, æз
Асимæ куы æрцыдтæн, уæдæй фæстæмæ
уыдтæн уемæ. 19Сæрныллæгæй æмæ цæссыг
калгæйæ куыстон Бардарæгæн, иудейæгты
фыдвæндты аххосæй тухæнтæ æвзаргæйæ.
20Сымах зонут, æз кæй ницы басусæг кодтон,
ахъаз уын цы уыди, уымæй. Æппæт уыдæттæ
уын амыдтон æмæ уæ ахуыр кодтон адæ-
мы раз æмæ хæдзаргай. 21Иудейæгтæм дæр
æмæ муртаттæгтæм дæр сидтæн Хуыцауы
раз сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кæнынмæ
æмæ нæ Бардарæг Йесойыл æууæндынмæ.
22Ныр та мæ Сыгъдæг Уд æрвиты Йеруса-
лиммæ, æмæ мыл уым цы ’рцæудзæни, уый
нæ зонын. 23Æрмæст мын Сыгъдæг Уд алы
сахары дæр раргом кæны, ахæстон æмæ
мæм хъизæмæрттæ кæй æнхъæлмæ кæсынц,
уый. 24Фæлæ мæнмæ ницы кæсы мæ цард,
æрмæст бæллын мæ фæндагыл кæронмæ
ацæуынмæ æмæ мын Бардарæг Йесо цы
куыст бафæдзæхста, уый кæронмæ фæуын-
мæ — Хуыцауы хорзæхы тыххæй Фарны Уац
адæммæ фæхæццæ кæнынмæ.

25Æмæ ныр зонын, сымах иууылдæр —
кæй æхсæн цардтæн æмæ Хуыцауы Паддза-
хады тыххæй кæмæн дзырдтон — мæн кæй
нал фендзыстут, уый. 26Уымæ гæсгæ уын æз
абон зæгъын: нырæй фæстæмæ æз сæрибар
дæн уæ алкæй фидæны цард кæнæ мæлæ-
тæй. 27Уымæн æмæ æз алцыдæр сарæзтон,
цæмæй уын Хуыцауы фæндон фехъусын
кæнон æххæстæй. 28Уæдæ кæсут уæхимæ
æмæ æппæт дзугмæ уæ цæст дарут. Уыцы
дзугæн уæ Сыгъдæг Уд йæ сæргъы сæвæрдта
разамынд дæттынæн, цæмæй хизат Хуыцауы
Аргъуан — Йæ Фырты Тугæй Йæхицæн кæй
балхæдта, уый. 29Æз зонын, мæ фæстæ уæм
кæй бацæудзысты, дзугыл чи нæ ауæрддзæн,
ахæм тугдзых бирæгътæ. 30Уæхи æхсæн дæр
фæзындзæн, рæстдзинад чи зыгъуыммæ
кæндзæн, ахæм адæймæгтæ, цæмæй ахуыр-
гæнинæгты асайой сæ фæдыл. 31Уымæ гæсгæ
ут къæрцхъус, уæ зæрдыл дарут, æртæ азы
дæргъы æхсæвæй-бонæй сымахæй алкæй
дæр, цæссыг калгæйæ, кæй ахуыр кодтон,
уый. 32Ныр уæ фæдзæхсын Хуыцауыл æмæ
Йæ хорзæхыл дзурæг ныхасыл. Хуыцау уыцы
ныхасы фæрцы сымах скæндзæн удвидар
æмæ уын ратдзæн хай æппæт сыгъдæджы-
тимæ. 33Æз нæ бабæллыдтæн искæмæн нæ-
дæр йе ’взистмæ, нæдæр йæ сыгъзæринмæ,
нæдæр йæ дарæсмæ. 34Уæхæдæг зонут, мæхи
æмæ ме ’мбæлццæтты хъуæгтæн æз куыстон
мæ ацы дыууæ къухæй. 35Æз уын алцæмæй
дæр равдыстон, афтæ кусгæйæ кæй хъæуы
лæмæгътæн æххуыс кæнын æмæ Бардарæг
Йесойы ныхæстæ зæрдыл дарын, уымæн
æмæ Уый Йæхæдæг загъта: „Райсынæй рат-
тын хуыздæр у“».

36Уыцы ныхæсты фæстæ Павел æрзоныг
кодта æмæ бакуывта се ’ппæтимæ дæр. 37Иу-
уылдæр куыдтой, йе ’фцæгыл-иу ын ныт-
тыхстысты æмæ йын батæ кодтой. 38Афтæ
кæй загъта, нал мæ фендзыстут, зæгъгæ,
уæлдай зын та сын уый уыди. Уый фæстæ
йæ афæндараст кодтой наумæ.

**21** Уыдонæй куы фæхицæн стæм, уæд науы
ацыдыстæм Космæ, дыккаг бон та — Родос-
мæ, уырдыгæй — Патарæмæ. 2Уым бацагу-
ырдтам, Финикимæ чи цыдис, уыцы нау,
сбадтыстæм дзы æмæ ацыдыстæм. 3Баввахс
стæм Кипрмæ æмæ йæ фæуагътам гали-
уæрдыгæй. Нæ ных сарæзтам Сиримæ æмæ
бацыдыстæм Тирмæ. Ам хъуыди равдæлон
кæнын нау. 4Мах ссардтам ахуыргæнинæг-
ты æмæ дзы баззадыстæм авд боны. Уы-
дон, Сыгъдæг Удæй разæнгардæй, дзырдтой
Павелæн, цæмæй Йерусалиммæ ма ацæуа.
5Фæлæ афон куы æрцыд, уæд мах араст стæм
дарддæр. Ахуыргæнинæгтæ се ’ппæт дæр
æд устытæ æмæ æд сывæллæттæ нæ фæ-
дыл фæссахармæ рацыдысты. Денджызы
былгæрон æрзоныг кодтам æмæ скуывтам.
6Кæрæдзийæн «хæрзбон» загътам æмæ сбад-
тыстæм науы, уыдон та аздæхтысты сæхимæ.

7Тирæй æрхæццæ стæм Птолемаидæмæ.
Уым фембæлдыстæм æфсымæртимæ æмæ

сæм фестæм иу бон. 8Дыккаг бон араст стæм
Кесаримæ. Уым бацыдыстæм, аргъуан цы авд
лæджы сæвзæрста, уыдонæй иумæ — Фарны
Уац хъусынгæнæг Филиппы хæдзармæ, æмæ
уымæ баззадыстæм. 9Филиппæн уыди, пеху-
ымпариуæг чи кодта, ахæм цыппар æнæцыд
чызджы. 10Дзæвгар рæстæг сæм куы фестæм,
уæд Иудейæ иу пехуымпар æрцыд, йæ ном —
Агав. 11Уый нæм бацыд, райста Павелы рон,
сбаста дзы йæ къухтæ æмæ йæ къæхтæ, стæй
загъта: «Афтæ зæгъы Сыгъдæг Уд: ацы рон
кæй у, уыцы лæджы иудейæгтæ Йерусалимы
мæнæ афтæ сбæтдзысты æмæ йæ ратдзысты
муртаттæгты къухтæм».

12Уый куы фехъуыстам, уæд, уым чи уыди,
уыдонимæ лæгъстæ кæнын райдыдтам Па-
велæн, Йерусалиммæ ма ацу, зæгъгæ.

13Фæлæ Павел дзуапп радта: «Уый цытæ
кæнут? Уæ кæуынæй мын мæ зæрдæ цæ-
мæн риссын кæнут? Æз цæттæ дæн æрмæст
ахæстоны сбадынмæ нæ, фæлæ Бардарæг
Йесойы номы сæраппонд Йерусалимы амæ-
лынмæ дæр».

14Куынæ йæ басастам, уæд банцадыстæм
æмæ загътам: «Бардарæджы куыд фæнды,
афтæ уæд!»

15Уый фæстæ нæхи срæвдз кодтам æмæ
араст стæм Йерусалиммæ.

16Немæ ма рацыдысты кесариаг ахуыргæ-
нинæгтæ цалдæрæй. Уыдон нæ æркодтой
фыццаг ахуыргæнинæгтæй иумæ — кипраг
Мнасонмæ, цæмæй йæм бафысым кæнæм.

17Йерусалиммæ куы бахæццæ стæм, уæд
ныл æфсымæртæ сæмбæлдысты æхсызго-
нæй. 18Павел дыккаг бон немæ ацыд Йа-
ковмæ; æрæмбырд сты аргъуаны æппæт
хистæртæ дæр. 19Павел сын салам радта æмæ
бæлвырд радзырдта, йæ куысты руаджы Ху-
ыцау муртаттæгты æхсæн цы сарæзта, уый
тыххæй. 20Уыдон æм байхъуыстой, арфæ
ракодтой Хуыцауæн æмæ Павелæн загътой:
«Æфсымæр, уыныс, цал мин иудейаджы бау-
уæндыди, уый! Æмæ се 'ппæт дæр æнувыд
сты Моисейы Æгъдауыл. 21Дæу тыххæй сын
радзырдтой, зæгъгæ, муртаттæгты æхсæн чи
цæры, уыцы иудейæгты ды се 'ппæты дæр
ахуыр кæныс Моисейы Æгъдау ныууадзы-
ныл, сæ сывæллæттæн сунæт нæ кæныныл
æмæ не 'гъдæуттæм гæсгæ нæ цæрыныл.
22Ныр цы чындæуа? Адæм æнæмæнг [æрæм-
бырд уыдзысты, уымæн æмæ] фехъусдзысты
де 'рцыды кой. 23Уæдæ байхъус, цы дын зæ-
гъæм, уымæ: не 'хсæн ис, Хуыцауæн дзырд
чи радта, ахæм цыппар лæджы. 24Акæн сæ
æмæ дæхи ссыгъдæг кæн семæ, сæ хæрдзтæ
сын дæхимæ райс. Уыдон адасдзысты сæ
сæртæ, æмæ иууылдæр фендзысты, дæу тых-
хæй цы фехъуыстой, уый æцæг кæй нæу, ды
дæхæдæг дæр Æгъдаумæ гæсгæ кæй цæрыс.
25Муртаттæгтæй Бардарæгыл чи бауæндыд,
уыдоны тыххæй та рахастам уынаффæ æмæ
сæм ныффыстам, мæнгхуыцæуттæн хаст ны-
вæндтæй, туг æмæ хæдмæл дзидза хæрынæй,
стæй хъахбайдзинадæй сæхи куыд бахизой».

26Уæд Павел ахуыдта уыцы лæгты æмæ
дыккаг бон семæ ссыгъдæг кодта йæхи. Уый
фæстæ бацыди Кувæндонмæ æмæ фехъусын
кодта, сыгъдæг кæныны бонтæ кæд фæуы-
дзысты æмæ уыдонæй алкæй тыххæй дæр
нывæндтæ кæд æрхастæуыдзæн.

27Уыцы авд боны куы фæуд кодтой, уæд
асиаг иудейæгтæ Павелы федтой Кувæн-
доны, сардыдтой йыл æппæт адæмы æмæ
йæ æрцахстой.

28Хъæр систой: «Израилæгтæ, баххуыс кæ-
нут! Ацы адæймаг алкæй дæр æмæ алы ран
дæр ахуыр кæны нæ адæмы, Æгъдауы æмæ
ацы бынаты ныхмæ. Суанг ма муртаттæгты
дæр бахуыдта Кувæндонмæ æмæ фæчъизи
кодта ацы сыгъдæг бынат!»

29Уымæн æмæ уымæй размæ Павелимæ
сахары федтой эфесаг Трофимы æмæ æн-
хъæлдтой, Павел æй Кувæндонмæ бахуыдта,
зæгъгæ.

30Сахар æгасæй дæр базмæлыд, æрæмбырд
бирæ адæм. Æрцахстой Павелы, лæгдыхæй
йæ ракодтой Кувæндонæй æмæ уайтагъд
сæхгæдтой дуæрттæ. 31Хъавыдысты йæ ама-
рынмæ, фæлæ æфсæддон хицаумæ фæхабар
чындæуыд, æгас Йерусалим базмæлыди,
зæгъгæ. 32Уый æфсæддонтæ æмæ сæдæ-
йыхицæуттимæ æвæстиатæй атындзыдта
адæммæ. Уыдон æфсæддон хицауы æмæ
йе 'фсæддонты куы федтой, уæд Павелы
нал надтой.

33Æфсæддон хицау бацыди Павелмæ, æр-
цахста йæ æмæ бардзырд радта, цæмæй
йæ дыууæ рæхысæй сбæттой. Уый фæстæ
бафарста: «Чи у æмæ цы сарæзта?»

34Адæмæй иутæ иу хъæр кодтой, иннæтæ
та — иннæ. Æфсæддон хицауæн змæсты тых-
хæй йæ бон бæлвырдæй базонын кæй ницы
уыд, уымæ гæсгæ бардзырд радта, цæмæй
Павелы фидармæ акæной. 35Павел асинмæ
куы бахæццæ, уæд æй æфсæддонты бахъуыди
хæссын, уымæн æмæ йæм адæм лæбурдтой.

36Йæ фæдыл хъæргæнгæ цыди бирæ адæм:
«Маринаг у!»

37Фидармæ бацæуæны цур Павел æфсæд-
дон хицауæн загъта: «Иу цыдæр зæгъыны

бар мын дæттыс?» Уый дзуапп радта: «Ды
бердзенаг æвзаг зоныс? 38 Æрæджы уыцы
змæст чи сарæзта æмæ æдзæрæг быдырмæ
цыппар мин сикарийы чи акодта, уыцы
мысыраг нæ дæ?»
39 Павел дзуапп радта: «Æз иудейаг дæн,
киликиаг зындгонд сахар Тарсы гражда-
нин. Курын дæ, ратт мын адæмимæ ныхас
кæныны бар».
40 Бар ын куы радта, уæд Павел, асиныл
лæугæйæ, адæмæн йæ къухæй ацамыдта
æмæ, куы æрсабыр сты, уæд райдыдта дзут-
тагау дзурын:

**22** «Æфсымæртæ æмæ хистæртæ, байхъу-
сут, мæхи сраст кæныны тыххæй уын цы
загъинаг дæн, уымæ».
2 Дзуттагау кæй дзуры, уый куы фехъуыс-
той, уæд бынтон ныхъхъус сты. Павел загъта:
3 «Æз дæн иудейаг, райгуырдтæн киликиаг
Тарсы. Схъомыл дæн ацы сахары, Гамалиелы
къухы, бæстон сахуыр кодтон нæ фыдæлты
Æгъдау. Сымах уе ’ппæт дæр абон Хуыцауыл
куыд æнувыд стут, æз дæр Ыл афтæ æнувыд
дæн. 4 Æз æфхæрдтон, ацы фæндагыл чи цы-
ди, уыдоны, сæ амарыныл дæр нæ ауæрстон,
ахстон нæлгоймæгты дæр æмæ сылгоймæг-
ты дæр æмæ сæ кодтон ахæстоны. 5 Уымæн
æвдисæн сты алчер æмæ израилаг адæмы
хистæртæ иууылдæр. Æз уыдонæй райстон
фыстæджытæ не ’фсымæртæм, дамаскаг иу-
дейæгтæм, æмæ ацыдтæн, цæмæй уым дæр
æрцахсон уырнджыты æмæ сæ бафхæрынмæ
æркæнон Йерусалиммæ.
6 Фæндагыл ма куы уыдтæн æмæ Дамаск-
мæ куы баввахс дæн, уæд мыл æмбисбонмæ
хæстæг æваст æртыхст тæмæнкалгæ рухс
уæларвæй. 7 Æз æрхаудтæн зæххыл æмæ фе-
хъуыстон хъæлæс: „Савл, Савл, цæмæн Мæ
æфхæрыс?“ 8 Æз бафарстон: „Чи дæ, Бардарæг?“
Уый мын загъта: „Ды Кæй æфхæрыс, уыцы На-
заретаг Йесо“. 9 Ме ’мбæлццæттæ федтой рухс
[æмæ сæ тас бацыди], фæлæ мемæ Дзурæджы
хъæлæс нæ фехъуыстой. 10 Уæд æз бафарстон:
„Бардарæг, цы гæнгæ мын у?“ Бардарæг мын
загъта: „Сыст æмæ цу Дамаскмæ — уым дын
загъдæуыдзæн, Хуыцау дын цы саразын сны-
сан кодта, æппæт уыдæтты тыххæй“. 11 Æз
рухсы тæмæнмæ кæй бакуырм дæн, уымæ
гæсгæ мын ме ’мбæлццæттæ ныххæцыдыс-
ты мæ къухыл æмæ мæ æркодтой Дамаскмæ.
12 Иу лæг, Ананиа, — Æгъдауыл æнувыд, æп-
пæт дамаскаг иудейæгтæм нымад — 13 æрба-
цыди мæнмæ, æрлæууыд мæ фарсмæ æмæ
мын загъта: „Ме ’фсымæр Савл, дæ цæстæй
ракæс“. Æз уыйадыл ракастæн мæ цæстæй
æмæ йæ федтон. 14 Ананиа мын загъта: „Нæ
фыдæлты Хуыцау дæ сæвзæрста, цæмæй Йын
базонай Йæ фæндон, фенай Рæстгæнæджы
æмæ Йын фехъусай Йæ хъæлæс. 15 Ды Йын
æппæт адæмы раз уыдзынæ æвдисæн æмæ
сын дзурдзынæ, цы федтай æмæ цы фехъуыс-
тай, уый тыххæй. 16 Уæдæ ма цæмæн фæстиат
кæныс? Сыст, ссар Ын Йæ ном, аргъуыд райс
æмæ цæхс дæ тæригъæдтæ“.
17-18 Йерусалиммæ куы æрбаздæхтæн æмæ
Кувæндоны куы куывтон, уæд цæстылуайæ-
ны федтон Бардарæджы. Уый мын загъта:
„Рæвдздæр ацу Йерусалимæй, уымæн æмæ,
Мæн тыххæй ацы ран куы дзурай, уæд дын
дæ ныхасыл нæ баууæнддзысты“. 19 Æз загъ-
тон: „Бардарæг, уыдон зонынц, æз Дæуыл
æууæндджыты кæй ахстон æмæ сæ синаго-
гæты кæй надтон, уый. 20 Де ’вдисæн Стефа-
ны куы мардтой, уæд уый дæр æз нымадтон
растыл; лæуууыдтæн уым æмæ хъахъхъæдтон
йæ марджыты пæлæзтæ“. 21 Бардарæг мын
загъта: „Ацу, уымæн æмæ дæ Æз дардмæ,
муртаттæгтæм, арвитдзынæн“».
22 Адæм æм хъуыстой, цалынмæ ацы ны-
хæстæ нæ загъта, уæдмæ. Уый фæстæ ныхъ-
хъæр кодтой: «Зæххыл хъуамæ ма уа! Удæ-
гасæй йын ныууадзæн нæй!» 23 Адæм хъæр
систой, сæ пæлæзтæ хæрдмæ æппæрстой
æмæ рыг калдтой уæлæмæ. 24 Уæд æфсæд-
дон хицау бардзырд радта, цæмæй Павелы
фидармæ бакæной æмæ йæ ехсæй фæнæмой:
уый фæндыд базонын, адæм æй хъæры бын
цæмæн фæкодтой, уый. 25 Фæлæ йæ нæмыны
тыххæй куы сбастой, уæд Павел йæ фарсмæ
лæууæг сæдæйыхицауæн загъта: «Ау, сыма-
хæн ромаг гражданины ехсæй нæмыны бар
ис, уыимæ æнæ тæрхонæй?»
26 Сæдæйыхицау уый куы фехъуыста,
уæд бацыди æфсæддон хицаумæ æмæ йын
загъта: «Уый цы кусыс? Ацы адæймаг ромаг
гражданин у».
27 Уæд миныхицау бацыди Павелмæ æмæ
йæ бафарста: «Зæгъ-ма мын, ды ромаг граж-
данин дæ?» Павел дзуапп радта: «О».
28 Æфсæддон хицау загъта: «Цæмæй ромаг
гражданин суон, уый тыххæй æз бирæ æхца
бафыстон». Павел ын загъта: «Æз та мæ рай-
гуырынæй фæстæмæ дæн ромаг гражданин».
29 Ехсæй нæмынмæ йæ чи хъавыд, уыдон
æй уайтæккæ ныууагътой. Æфсæддон хицау

**21:38** *Сикарийтæ* – ромæгты, стæй ромæгтимæ æмдзæхдон дзуттæгты ныхмæ тохгæнæг дзуттаг фыркарз националисттæ. Се знæгты арæх мардтой хъамайæ (латинагау «сика») – сæ ном дæр уыимæ баст у.

куы базыдта, Павел ромаг гражданин у, уый,
уæд дзы тас бацыд, рæхыстæй йæ кæй сбаста,
уый тыххæй.
30 Иудейæгтæ йæ цæмæй зылын кæнынц,
уый бæлвырдæй базоныны тыххæй æфсæд-
дон хицау дыккаг бон Павелы суæгъд кодта
йæ рæхыстæй, радта алчерты æмæ æппæт
синедрион æрæмбырд кæныны бардзырд
æмæ сæм æй ракодта.

**23** Павел синедрионыл йæ цæст ахаста
æмæ загъта: «Ме ’фсымæртæ, абоны онг цы
ацардтæн, уымæй Хуыцауы раз мæ цæсгом
сыгъдæг у».
2 Уæд алчер Ананиа, Павелы фарсмæ чи
лæууыд, уыдонæн бардзырд радта, цæмæй
йын йæ былтæ цæвой.
3 Павел ын загъта: «Хуыцау дæ æрцæвдзæн,
чъырæйцагъд сис! Цæмæй мын Æгъдаумæ
гæсгæ тæрхон кæнай, уый тыххæй ам бадыс,
афтæмæй радтай мæ нæмыны бардзырд æмæ
уымæй халыс Æгъдау!»
4 Павелы фарсмæ чи лæууыд, уыдон ын
загътой: «Хуыцауы алчеры æфхæрыс?»
5 Павел дзуапп радта: «Æфсымæртæ, алчер
кæй у, уый нæ зыдтон. Уымæн æмæ фыст
ис: „Дæ адæмы фæтæджы фыдгой ма кæ“».
6 Сæ иутæ саддукейтæ, иннæтæ та фари-
сейтæ кæй сты, Павел уый куы базыдта, уæд
синедрионæн хъæлæсыдзагæй загъта: «Ме
’фсымæртæ, æз фарисей дæн, фарисейы фырт.
Æмæ мын тæрхон кæнынц, мæрдты райга-
сыл мæ зæрдæ кæй дарын, уый тыххæй».
7 Павел афтæ куы загъта, уæд фарисейтæ
æмæ саддукейтæ фæбыцæу сты, æмæ æм-
бырд дыууæ дихы фæцис. 8 (Саддукейтæ
дзурынц, мæрдтæ, дам, нæ райгас уыдзысты,
нæй, дам, зæдтæ æмæ удтæ. Фарисейтæ та
æппæт уыдæттыл æууæндынц.) 9 Стыр хъæл-
æба систой. Фарисейты динамонджытæй
цалдæр сыстади æмæ загъд самадтой: «Ацы
адæймагмæ мах æвзæрæй ницы уынæм. Кæд
ын уыдæттæ мон кæнæ зæд загъта, уæд та?»
10 Фæлæ быцæу куы стынг, уæд æфсæддон
хицау фæтарст, Павелы куы аскъуыдтæ кæ-
ной, уымæй. Æмæ æфсæддонтæн бардзырд
радта, цæмæй æрхизой, Павелы байсой адæ-
мæй æмæ йæ фидармæ акæной.
11 Уыцы æхсæв Павелмæ фæзынди Барда-
рæг æмæ йын загъта: «Фидар лæуу, Павел,
уымæн æмæ, Мæн тыххæй Йерусалимы куыд
дзырдтай, афтæ хъуамæ дзурай Ромы дæр».

**23:9** Фæстæдæры къухфыстыты ацы бынаты кæрон у афтæ: *Кæд ын уыдæттæ мон кæнæ зæд загъта, уæд Хуыцауы ныхмæ ма лæууæм.*

12 Куы сбон ис, уæд иудейæгтæй иуæй-иутæ
сусæгæй баныхас кодтой æмæ ард бахордтой,
цалынмæ Павелы амарой, уæдмæ хæргæ
дæр æмæ нуазгæ дæр кæй нæ бакæндзыс-
ты. 13 Сусæгвæнд чи скодта, уыдон уыдысты
дыууиссæдз адæймагæй фылдæр. 14 Уыдон
бацыдысты алчертæм, стæй адæмы хис-
тæртæм æмæ загътой: «Мах ард бахордтам,
цалынмæ Павелы амарæм, уæдмæ ком ба-
дарыныл. 15 Уæдæ ныр сымах æмæ синед-
рион фехъусын кæнут æфсæддон хицауæн,
цæмæй Павелы райсом сымахмæ æркæнын
кæна, цыма йын йæ хъуыддагмæ бæлвырд-
дæр æркæсынмæ хъавут, афтæ. Мах та цæттæ
стæм, цалынмæ сымахмæ не ’рбахæццæ уа,
уæдмæ йæ амарынмæ».
16 Уыцы сусæгвæнды тыххæй базыдта Па-
велы хойы лæппу. Бацыди фидармæ æмæ йæ
радзырдта Павелæн. 17 Уæд Павел фæдзырдта
сæдæйыхицæуттæй иумæ æмæ йын загъта:
«Ацы лæппуйы ахон æфсæддон хицаумæ,
цыдæр зæгъынмæ йын хъавы».
18 Уый лæппуйы бакодта æфсæддон хи-
цаумæ æмæ йын загъта: «Ахст Павел мæм
фæдзырдта æмæ куырдта, цæмæй дæм ацы
лæппуйы æрбакæнон; цыдæр зæгъинаг дын
у».
19 Æфсæддон хицау ныххæцыд лæппуйы
къухыл, фæхибар æй кодта æмæ йæ бафарс-
та: «Цы зæгъинаг мын дæ?»
20 Лæппу дзуапп радта: «Иудейæгтæ баны-
хас кодтой дæумæ æрхатын, цæмæй райсом
Павелы æркæнай синедрионмæ, цыма сæ йæ
хъуыддагмæ бæлвырддæр æркæсын фæнды,
афтæ. 21 Фæлæ ды ма бакæс сæ коммæ, уымæн
æмæ дыууиссæдз адæймагæй фылдæр йæ
размæ бабадтысты. Ард бахордтой, цалынмæ
йæ амарой, уæдмæ хæргæ дæр æмæ нуаз-
гæ дæр кæй нæ бакæндзысты. Ныридæгæн
цæттæ сты, сæ каст ма дæ бардзырдмæ у».
22 Æфсæддон хицау лæппуйæн бафæдзæхс-
та: «Мæнæн цы загътай, уый макæмæн ра-
дзур». Æмæ йæ ауагъта.
23 Æфсæддон хицау фæсидти сæдæйыхи-
цæуттæй дыууæмæ æмæ сын загъта: «Срæвдз
кæнут дыууæсæдæ æфсæддоны, дæс æмæ
æртиссæдз барæджы æмæ дыууæсæдæ арц-
хæссæджы. Æхсæвы æртæ сахатыл хъуа-
мæ араст уой Кесаримæ. 24 Æрцæттæ кæнут
бæхтæ, æфсæддонтæ Павелы сæрæгасæй
бæстæйы хицау Феликсмæ куыд бахæццæ
кæной, афтæ».
25 Ныффыста ма ахæм фыстæг дæр: 26 «Клав-
дий Лисийæ — бæстæйы хицаумæ, кадджын
Феликсмæ. Фæрнджын у. 27 Ацы адæймаджы

æрцахстой иудейæгтæ æмæ йæ хъавыдысты
амарынмæ. Фæлæ æз æрцыдтæн æфсæд-
донтимæ æмæ, ромаг гражданин у, уый куы
базыдтон, уæд æй байстон. 28Цæмæй йæ
азымджын кæнынц, уый базоныны тыххæй
йæ æркодтон сæ синедрионмæ. 29Æмæ ба-
зыдтон: азымджын æй кæнынц, се 'Гъдаумæ
чи хауы, ахæм быцæйуаг фæрстыты, фæлæ
мæлæты кæнæ ахæстоны аккаг цы уа, ахæм
азым æм нæ арынц. 30Йæ ныхмæ сусæгвæнд
кæй скодтой, уый мын куы загътой, уæд æй
æвæстиатæй арвыстон дæумæ. Йæ зылын-
гæнджытæн дæр бафæдзæхстон сæ хъаст
дæумæ бахæссын».
31Æфсæддонтæ цы бардзырд райстой, уы-
мæ гæсгæ Павелы æхсæвы бахæццæ кодтой
Антипатридæмæ. 32Дыккаг бон барджытæн
бабар кодтой, цæмæй Павелимæ дарддæр
цæуой, сæхæдæг та æрбаздæхтысты фидар-
мæ. 33Барджытæ Кесаримæ куы æрцыдысты,
уæд бæстæйы хицаумæ радтой фыстæг æмæ
йын Павелы йæ бар ныууагътой.
34Бæстæйы хицау бакасти фыстæг æмæ
Павелы, кæцон у, уымæй бафарста. Кили-
кийæ кæй у, уый куы базыдта, уæд загъта:
35«Дæ зылынгæнджытæ дæр куы æрцæуой,
уæд дын æркæсдзынæн дæ хъуыддагмæ».
Æмæ бардзырд радта, цæмæй йæ Ироды
галуаны ахстæй дарой.

**24** Фондз боны фæстæ æрцыд алчер Ананиа
адæмы хистæртимæ, стæй тæрхоны дæсны
Тертуллимæ. Уыдон бæстæйы хицаумæ Па-
велыл бахъаст кодтой.
2Павелы куы бакодтой, уæд æй Тертулл зы-
лын кæнын райдыдта: 3«Дæ фæрцы нæ бæстæ
у æнцад; царды æппæт къабæзты алы ран дæр
дæ арæхстджын разамындæй цы ивддзинæд-
тæ цæуы, уыдон ахъаз сты ацы адæмы фæрныг
цардæн. Уыдæтты тыххæй бузныг стæм дæ-
уæй, кадджын Феликс. 4Фæлæ дæ цæмæй ма
фæлмæцын кæнон, уый тыххæй дæ курын: дæ
хорзæхæй, иу чысыл нæм байхъус. 5Мах куыд
базыдтам, афтæмæй ацы лæг у емынæйæ фыд-
дæр, æппæт дунейы иудейæгты змæнтæг æмæ
назаретаг мæнгдины фæтæг. 6Уый архайдта
суанг Кувæндон фæчъизи кæныныл, æмæ йæ
мах æрцахстам. [Нæ зæрды йын уыди нæхи
Æгъдаумæ гæсгæ тæрхон кæнын, 7фæлæ æр-
цыд æфсæддон хицау Лисий, лæгдыхæй нын
æй байста нæ къухтæй, 8æмæ йæ зылын чи
кодта, уыдонæн арвыста дæумæ.] Ацы лæгæн
йæ хъуыддаг дæхæдæг куы равзарай, уæд ын
йæхицæй фехъусдзынæ, мах æй цæмæй зылын
кæнæм, æппæт уыдæттæ».
9Иудейæгтæ разы уыдысты Тертуллы ны-
хæстыл æмæ дзырдтой, æппæт дæр афтæ
уыди, зæгъгæ.
10Бæстæйы хицау Павелмæ ацамыдта,
æмæ уый райдыдта йæ ныхас: «Æз зонын,
ды ацы адæмæн бирæ азты дæргъы тæрхон-
гæнæг кæй дæ, уый, æмæ мын æхсызгон у
дæ разы мæхи раст кæнын. 11Дæ бон базо-
нын у: æз Йерусалиммæ бакувынмæ куы
æрцыдтæн, ууыл дыууадæс бонæй фылдæр
нæма рацыди. 12Нæдæр Кувæндоны, нæдæр
синагогæты, нæдæр сахары æндæр ран мæн
нæ фендæуыд искæимæ быцæугæнгæ кæнæ
адæмы змæнтгæ. 13Æмæ сæм ныр, цæмæй
мæ зылын кæнынц, уый тыххæй дæм цы
бавдисой, уый нæй. 14Фæлæ дæ разы ууыл
сæттын, æмæ, уыдон мæнгдин кæй хонынц,
уыцы ахуырадмæ гæсгæ æз лæггад кæнын
нæ фыдæлты Хуыцауæн; æууæндын, Æгъда-
уы чиныджы æмæ пехуымпартæм цы фыст
ис, æппæт уыдæттыл. 15Мæ зылынгæнджытæ
сæхæдæг сæ зæрдæ куыд дарынц, афтæ æз
дæр мæ зæрдæ дарын Хуыцауыл: райгас
уыдзысты рæстытæ дæр æмæ тæригъæд-
джынтæ дæр. 16Уымæ гæсгæ æз архайын
Хуыцауы æмæ адæмы раз кæддæриддæр
сыгъдæг цæсгомимæ цæрыныл. 17Æз Йеру-
салиммæ æрыздæхтæн бирæ азты фæстæ,
цæмæй баххуыс кæнон мæ адæмы мæгуыр-
тæн æмæ нывæндтæ æрхæссон. 18Æгъдаумæ
гæсгæ мæхи куы ссыгъдæг кодтон, уæд мæ
баййæфтой Кувæндоны; нæдæр дзы би-
рæ адæм уыди, нæдæр змæст. 19Фæлæ уым
уыдысты цавæрдæр асиаг иудейæгтæ; мæ
ныхмæ сæм исты куы уыдаид, уæд хъуамæ
лæуууиккой дæ разы æмæ мæн зылын кæ-
никкой. 20Кæнæ, ам чи ис, уыдон зæгъæнт,
синедрионы раз куы лæуууыдтæн, уæд мæм
цы азым ссардтой, уый. 21Æрмæст иу фыд-
ракæнд сарæзтон — сæ разы лæугæйæ, æз
хъæлæсыдзагæй загътон: „Абон мын сымах
тæрхон кæнут, мæрдты райгасыл мæ зæрдæ
кæй дарын, уый тыххæй“».
22Феликс бæстон зыдта Бардарæджы фæн-
даджы тыххæй æмæ хъуыддаг аргъæвта
фæстæдæрмæ: «Æфсæддон хицау Лисий
куы 'рцæуа, уæд уын æркæсдзынæн уæ
хъуыддагмæ».
23Феликс сæдæйыхицауæн радта Павелы
хъахъхъæныны бардзырд, фæлæ, дам, ын
хъуамæ иу чысыл фезмæлæн дæр уа, йæ
хæлæрттæ йын куы лæггад кæной, уæд сæ
куыд мачи хъыгдара, афтæ.
24Цалдæр боны фæстæ Феликс æрбацыд
йæ ус Друзиллæимæ (уый уыди дзуттаг).

Феликс æрбакæнын кодта Павелы æмæ хъуыста, Йесо Чырыстийыл æууæндыны тыххæй цы дзырдта, уымæ. 25Павел рæстæй цæрыны, хиуыл хæцыны æмæ фидæны тæрхоны тыххæй куы дзырдта, уæд Феликсы тас бацыд æмæ загъта: «Ныр ацу, рæстæг мын куы фæуа, уæд та дæм фæдзурдзынæн».

26Уыимæ ма Феликс йæ зæрдæ дардта, Павел ын æхца кæй ратдзæнис, ууыл. Уымæ гæсгæ-иу æй арæх æрбакæнын кодта æмæ ныхас кодта йемæ.

27Фæлæ дыууæ азы фæстæ Феликсы раивта Порций Фест. Фæлæ Феликс, иудейæгты зæрдæ балхæныны тыххæй, Павелы ахæстоны ныууагъта.

**25** Фест бæстæйы хицауы бынат куы бацахста, уæд æртæ боны фæстæ Кесарийæ ацыд Йерусалиммæ. 2Йерусалимы йæм Павелыл хъаст бахастой алчертæ æмæ иудейаг хицæуттæ. 3Хатыдысты йæм, цæмæй сын ахæм хорзæх ракæна, æмæ Павелы арвита Йерусалиммæ, сæхæдæг та баныхас кодтой фæндагыл Павелы амарыныл. 4Фæлæ сын Фест дзуапп радта: «Павел Кесарийы ахæстоны ис, стæй рæхджы мæхæдæг дæр уырдæм ацæудзынæн. 5Æмæ уæ кæй бон у, уыдон рацæуæнт мемæ æмæ, кæд уыцы лæг æвзæрæй исты ракодта, уæд-иу æй базылын кæнæнт».

6Фест сæм фæци аст-дæс боны, стæй æрыздæхти Кесаримæ. Дыккаг бон æрбадти тæрхонгæнæджы бынаты æмæ радта Павелы æрбакæныны бардзырд. 7Павел куы æрбацыд, уæд Йерусалимæй æрцæуæг иудейæгтæ æрлæууыдысты йæ алыварс, азымджын æй кодтой бирæ уæззау фыдракæндты, фæлæ сæм бæлвырд æвдисæнæй ницы уыд.

8Павел йæхи сраст кæнынæн загъта: «Æз иу тæригъæд дæр нæ ракодтон нæдæр иудейаг Æгъдауы ныхмæ, нæдæр Кувæндоны ныхмæ, нæдæр кесæры ныхмæ».

9Фесты фæндыд иудейæгты зæрдæ балхæнын, æмæ Павелы бафарста: «Фæнды дæ Йерусалиммæ ацæуын, цæмæй дын, азымджын дæ цæмæй кæнынц, уыдæтты тыххæй уым рахæссон тæрхон?» 10Павел загъта: «Æз кесæры тæрхоны раз лæууын, æмæ мын тæрхон ам хъуамæ кæной. Ды дæр хорз зоныс: æз иудейæгты хъыджы ницæмæй бацыдтæн. 11Кæд æз, амарыны аккаг цы у, ахæмæй исты ракодтон, уæд цæттæ дæн мæлæтмæ. Фæлæ кæд, азымджын мæ цæмæй кæнынц, æппæт уыдæттæ æрымысгæ сты, уæд мæн сæ къухмæ раттын никæй бон у. Æз домын кесæры тæрхон».

12Уæд Фест аныхас кодта йæ уынаффæдоны уæнгтимæ æмæ дзуапп радта: «Ды æрдомдтай кесæры тæрхон æмæ ацæудзынæ кесæрмæ».

13Агриппæ æмæ Верникæ цалдæр боны фæстæ паддзах Фестæн æгасцуай зæгъынмæ æрцыдысты Кесаримæ. 14Уым фесты дзæвгар рæстæг. Фест паддзахæн радзырдта Павелы хъуыддаджы тыххæй æмæ йын загъта: «Ам ис, Феликс ахæстоны кæй ныууагъта, ахæм адæймаг. 15Æз Йерусалимы куы уыдтæн, уæд ыл алчертæ æмæ иудейæгты хистæртæ бахъаст кодтой. Уыдон мæнæй домдтой, цæмæй йын æз тæрхон рахæссон. 16Æз сын дзуапп радтон, зæгъгæ, зылынгонд чи цæуы, уыцы адæймаг цалынмæ йæ зылынгæнджытимæ лæгæй-лæгмæ фембæла æмæ йын йæхи сраст кæныны фадат уа, уæдмæ ромаг æгъдау никæй дæтты бафхæрынмæ. 17Уыдон æрцыдысты ардæм, æмæ æз æвæстиатæй дыккаг бон æрбадтæн тæрхонгæнæджы бынаты æмæ радтон уыцы лæджы æрбакæныны бардзырд. 18Зылынгæнджытæ сыстадысты йæ ныхмæ, æмæ, æз цы фыдракæндтæй æнхъæл уыдтæн, уыдонæй йæ иуæй дæр нæ базылын кодтой. 19Фæлæ сын йемæ уыди цыдæр быцæутæ: сæ дины æмæ, Чи амард, уыцы цавæрдæр Йесойы тыххæй — Павел дзырдта, удæгас у, зæгъгæ. 20Ахæм фæрстытæ куыд лыггæнгæ сты, уый кæй не 'мбæрстон, уымæ гæсгæ Павелы бафарстон, фæнды йæ, мыййаг, Йерусалиммæ ацæуын æмæ уым тæрхоны раз æрлæууын? 21Фæлæ Павел æрдомдта, цæмæй йæ ныууадзой ахæстоны, цалынмæ кесæр уынаффæ рахæсса, уæдмæ. Уæд æз бардзырд радтон, цалынмæ йæ кесæрмæ арвитон, уæдмæ йæ ахæстоны куыд дарой».

22Агриппæ загъта Фестæн: «Мæн дæр фæнды уыцы адæймагмæ байхъусын». Фест дзуапп радта: «Тæккæ райсом æм байхъусдзынæ».

23Дыккаг бон Агриппæ æмæ Верникæ æфсæддон хицæуттимæ æмæ сахары уæздæттимæ хъæздыгарæзтæй бацыдысты тæрхондонмæ, æмбырды уатмæ. Фесты бардзырдмæ гæсгæ æрбакодтой Павелы.

24Фест загъта: «Паддзах Агриппæ æмæ, ам немæ чи ис, уыцы хорз адæм! Сымах уынут, Йерусалимы дæр æмæ ам дæр иудейæгтæ иууылдæр мæнмæ сæ хъаст кæуыл хастой æмæ йын удæгасæй ныууадзæн нæй, зæгъгæ, кæй тыххæй хъæр кодтой, уыцы адæймаджы. 25Фæлæ æз куыд сбæрæг кодтон, афтæмæй, амарæн æй цæй тыххæй ис,

ахæмæй ницы сарæзта. Æрмæст йæхæдæг
кесæры тæрхон кæй æрдомдта, уымæ гæсгæ
йæ сфæнд кодтон уымæ арвитын. 26Кесæрмæ
ацы адæймаджы тыххæй бæлвырдæй цы
ныффыссон, ахæмæй мæм ницы ис. Æмæ
йæ уымæ гæсгæ æрлæууын кодтон уæ разы,
уæлдайдæр та дæ разы, паддзах Агриппæ,
цæмæй хъуыддагмæ æркæсыны фæстæ зо-
нон, цы ныффыссын хъæуы, уый. 27Уымæн
æмæ, ахст адæймаджы цæмæй зылын кæ-
нынц, уый ма бавдис, афтæмæй йæ арвит,
уый мæм раст нæ кæсы».

**26** Агриппæ загъта Павелæн: «Ис дын дæхи
сраст кæныны тыххæй дзурыны бар».

Уæд Павел йæ къух размæ радардта æмæ
райдыдта йæхи раст кæнын: 2«Паддзах
Агриппæ! Мæхи нымайын амондджыныл,
иудейæгтæ мæ цæмæйты зылын кæнынц,
æппæт уыдæттæй абон дæ разы мæхи кæй
раст кæнын, уымæй. 3Уæлдайдæр та уымæн,
æмæ ды хорз зоныс иудейæгты æппæт æгъ-
дæуттæ æмæ дзырддаг фæрстытæ. Уымæ
гæсгæ дæ курын, фæразонæй мæм байхъус.

4Ме 'взонджы бонтæй фæстæмæ æз куыд
цæрын, уый иудейæгтæ иууылдæр зонынц.
Тæккæ райдианæй æз цардтæн мæ адæмы
'хсæн æмæ Йерусалимы. 5Рагæй мæ зонынц,
æмæ сæ куы бафæнда, уæд сæ бон у æвди-
сæн ныллæууын, æз кæй цардтæн фарисейы
цардæй — нæ дины тæккæ карздæр къабазы
домæнтæм гæсгæ. 6Æмæ абон тæрхоны раз
лæууын, Хуыцау нæ фыдæлтæн зæрдæ цæ-
мæй бавæрдта, уый кæй сæххæст уыдзæн,
уымæй мæ ныфс кæй ис, уый тыххæй. 7Уыцы
зæрдæбавæрды сæххæстæй ныфс ис нæ дыу-
уадæс мыггаджы дæр, æмæ æхсæвæй-бонæй
удуæлдайæ лæггад кæнынц Хуыцауæн. Уыцы
ныфсы тыххæй, паддзах, мæн иудейæг-
тæ аххосджын кæнынц. 8Хуыцау мæрдты
кæй æгас кæны, уый, æрцæуæн кæмæн нæй,
ахæм диссагыл нымайут, æви? 9Æз дæр афтæ
æнхъæл уыдтæн, Назаретаг Йесойы номы
ныхмæ мын мæ тых, мæ бонæй тохгæнгæ у.
10Æмæ уæвгæ дæр афтæ кодтон Йерусали-
мы. Алчертæй бар райстон, афтæмæй бирæ
сыгъдæджыты бакодтон ахæстæтты; мæлæ-
ты тæрхон сын-иу куы хастой, уæд хъæлæс
кодтон сæ амарыныл. 11Бирæ хæттыты сæ
æфхæрдтон æппæт синагогæты, цæмæй
сæхи атигъ кæной Йесойыл; агъуыдау сæ
фæдыл зылдтæн суанг æцæгæлон сахарты
дæр. 12Уыцы нысанимæ æз алчертæй райс-
тон бар æмæ сын сæ фæдзæхст сæххæст
кæнынмæ араст дæн Дамаскмæ.
13Æмбисбон фæндагыл, паддзах, æз фед-
тон, хуры рухсæй ирддæр чи уыди, мæныл
æмæ ме 'мбæлццæттыл чи æртыхст, ахæм
рухс уæларвæй. 14Не 'ппæт дæр æрхаудыс-
тæм зæххыл, æмæ æз фехъуыстон, дзуттагау
мæм чи дзырдта, ахæм хъæлæс: „Савл, Савл,
цæмæн Мæ æфхæрыс? Зын дын у цыргъ
михы ныхмæ цæуын“. 15Æз бафарстон: „Чи
дæ, Бардарæг?“ Бардарæг загъта: „Ды Кæй
æфхæрыс, уыцы Йесо. 16Сыст æмæ слæуу
дæ къæхтыл. Æз дæм уымæн фæзындтæн,
цæмæй дæ скæнон Мæ лæггадгæнæг æмæ
æвдисæн уай, цы федтай æмæ ма дын но-
джыдæр цы раргом кæндзынæн, æппæт
уыдæттæн. 17Æз дæ бахиздзынæн дæхи адæ-
мæй, стæй муртаттæгтæй — Æз дæ уыдонмæ
æрвитын, 18цæмæй байгом уой сæ цæстытæ
æмæ талынгæй рацæуой рухсмæ, сайтаны
къухтæй — Хуыцаумæ, Мæныл æууæндыны
фæрцы барст æрцæуой сæ тæригъæдтæ æмæ
сыгъдæджытимæ сæ хай райсой“.

19Уымæ гæсгæ, паддзах Агриппæ, уæлар-
вæй мын цы раргом, уый коммæ нæ бакæсын
мæ бон нæ баци. 20Фыццаг амыдтон Дамас-
кы цæрджытæн, уый фæстæ Йерусалимы
цæрджытæн, стæй æппæт иудейаг бæстæйы
æмæ муртаттæгтæн, цæмæй æрфæсмон кæ-
ной сæ тæригъæдтыл, раздæхой Хуыцаумæ
æмæ, кæй æрфæсмон кодтой, уый æвди-
сой хорз хъуыддæгтæй. 21Уый тыххæй мæ
иудейæгтæ Кувæндоны æрцахстой æмæ мæ
хъавыдысты амарынмæ. 22Фæлæ абоны онг,
Хуыцауы æххуысæй, лæууын æнæфæцудгæ
æмæ дзурын хуымæтæг адæмæн дæр æмæ
номдзыдтæн дæр. Дзургæ та кæнын, пе-
хуымпартæ æмæ Моисей рагагъоммæ цы
загътой, æрмæстдæр уый. 23Ома Чырысти
фæхъизæмар кæндзæн, мæрдтæй фыццаг
Уый райгас уыдзæн, æрхæсдзæн рухс иудейаг
адæмæн æмæ муртаттæгтæн».

24Павел йæхи афтæ куы раст кодта, уæд
Фест хъæрæй загъта: «Ды сæрхъæн дæ, Па-
вел! Фыр ахуырæй дæ зонд фæцыд».

25Павел дзуапп радта: «Нæ, кадджын Фест,
æз сæрхъæн нæ дæн, фæлæ зæгъын, раст
зондæй чи цæуы, æцæгады уыцы ныхæстæ.
26Æппæт уыдæтты тыххæй зоны, æз ныфс-
джынæй кæй разы дзурын, уыцы паддзах.
Мæн нæ уырны, æмæ уыцы хъуыддæгтæй
исты басусæг уа паддзахæй, уымæн æмæ
уыдæттæ фæскъуым не 'рцыдысты. 27Пад-
дзах Агриппæ, пехуымпартыл æууæндыс
æви нæ? Кæй сыл æууæндыс, уый æз зонын».

28Агриппæ загъта Павелæн: «Æгæр тагъд
мæ нæ чырыстон кæныс?»

29Павел загъта: «Хуыцауӕн лӕгъстӕ кӕ-
нын, цӕмӕй, тагъд уа ӕви ӕрӕгмӕ уа, ӕр-
мӕст ды нӕ, фӕлӕ мӕм абон чи хъусы, уы-
дон се ’ппӕт дӕр мӕ хуызӕттӕ суой, ӕрмӕст
ӕнӕ рӕхыстӕй».
30Павел афтӕ куы загъта, уӕд паддзах,
бӕстӕйы хицау, Верникӕ, стӕй, семӕ чи
бадт, уыдон иууылдӕр сыстадысты. 31Фӕ-
хибар сты ӕмӕ кӕрӕдзийӕн дзырдтой, ацы
адӕймаг, амарын кӕнӕ йӕ ахӕстоны да-
рын цӕй тыххӕй ӕмбӕлы, ахӕмӕй ницы
ракодта, зӕгъгӕ.
32Агриппӕ загъта Фестӕн: «Кесӕры тӕр-
хон куы не ’рдомдтаид, уӕд ацы адӕймаджы
суӕгъдгӕнӕн уаид».

**27** Италимӕ кӕй хъуамӕ ацӕуӕм, уыцы
уынаффӕ куы рахастӕуыд, уӕд Павелы ӕмӕ
ма ӕндӕр ахӕстыты радтой сӕдӕйыхицау
Юлийы къухмӕ; уый уыди кесӕры ӕфсӕд-
дон хайӕ. 2Мах сбадтыстӕм адрамитаг на-
уыл ӕмӕ араст стӕм. Нау йӕ фӕндагыл
хъуамӕ баздӕхтаид Азийы наулӕууӕнтӕм.
Немӕ уыдис македойнаг Аристарх, Фесса-
лоникӕйы сахарӕй. 3Дыккаг бон бахӕццӕ
стӕм Сидонмӕ. Юлий хорз цӕстӕй ракаст
Павелмӕ, радта йын йӕ хӕлӕрттӕм ацӕуы-
ны фадат, цӕмӕй йыл баузӕлой. 4Уырдыгӕй
араст стӕм дарддӕр; Кипры чъылдыммӕ
бамбӕхстыстӕм дымгӕйӕ, уымӕн ӕмӕ
дымдта нӕ ныхмӕ.
5Килики ӕмӕ Памфилийы рӕзты ахыз-
тыстӕм денджызыл ӕмӕ бахӕццӕ стӕм
ликиаг сахар Мирамӕ. 6Уым сӕдӕйыхицау
ссардта, Италимӕ чи цыд, ахӕм александри-
аг нау, ӕмӕ нӕ сбадын кодта ууыл. 7Дзӕвгар
рӕстӕг цыдыстӕм сындӕг ӕмӕ тыхамӕлт-
тӕй бахӕццӕ стӕм Книдмӕ. Дымгӕ нӕ
размӕ цӕуын кӕй нӕ уагъта, уымӕ гӕсгӕ
ахызтыстӕм Салмоны рӕзты ӕмӕ, Криты
чъылдыммӕ дымгӕйӕ бамбӕхсгӕйӕ, цы-
дыстӕм дарддӕр. 8Былмӕ зынтӕй ӕввахс
кодтам ӕмӕ бахӕццӕ стӕм, «Сабыр Нау-
лӕууӕнтӕ» кӕй хонынц, уырдӕм, Ласейы
сахармӕ хӕстӕг.
9Уӕдмӕ рацыди бирӕ рӕстӕг, ком дары-
ны афон дӕр аивгъуыдта, ӕмӕ науы цӕуын
сси тӕссаг. Уымӕ гӕсгӕ Павел дзырдта:
10«Хорз адӕм, мӕнмӕ гӕсгӕ нӕм фӕндагыл
ӕнхъӕлмӕ кӕсы бӕллӕх, ӕмӕ стыр зиан
ӕрцӕудзӕн ӕрмӕст ласинӕгтыл ӕмӕ науыл
нӕ, фӕлӕ нӕхиуыл дӕр».
11Фӕлӕ сӕдӕйыхицау, Павел цы дзырд-
та, уымӕй наутӕрӕгыл ӕмӕ науы хица-
уыл фылдӕр ӕууӕндыд. 12Наулӕууӕн
зымӕгиуатӕн кӕй нӕ бӕззыд, уымӕ гӕсгӕ
сӕ фылдӕры фӕндыди, гӕнӕн ӕмӕ амалӕй,
критаг наулӕууӕн Феониксмӕ бафтын ӕмӕ
зымӕг уым арвитын. Уыцы наулӕууӕнӕн
йӕ ’ргом арӕзт у хуссар-ныгуылӕн ӕмӕ
цӕгат-ныгуылӕнмӕ.
13Хуссайраг рог дымгӕ куы радымдта,
уӕд ӕнхъӕлдтой, цӕмӕ бӕллыдысты, уый
сӕ къухы бафтыд; систой науӕнгуыр ӕмӕ
араст сты Криты былгӕрӕтты. 14Фӕлӕ уа-
лынджы сакъадахы ’рдыгӕй ӕрбадымдта
цӕгат-скӕсӕйнаг дымгӕ; евракилон ӕй
хонынц. 15Нау йӕ уӕлныхты systа, ӕмӕ
уый йӕ ныхмӕ цӕуын нал фӕрӕзта. Нӕ
бон ницы уыди, ӕмӕ нӕ дымгӕ хаста, кӕ-
дӕм ӕй фӕндыд, уырдӕм. 16Февзӕрдыстӕм,
Кавда кӕй хонынц, уыцы сакъадахы цур.
Сакъадах нӕ иу цасдӕр бахызта дымгӕйӕ,
ӕмӕ тыхамӕлттӕй науы бӕлӕгъ бахъахъ-
хъӕдтам. 17Наудзогтӕ йӕ куы систой наумӕ,
уӕд, фӕфидар ӕй кӕныны тыххӕй, бӕн-
дӕнтӕй науы фӕрстӕ ӕрбабастой. Дымгӕ
науы цӕмӕй Сиртмӕ ма ахӕсса ӕмӕ уым
тӕнӕджы ма ныссӕдза, уый тыххӕй ӕру-
агътой наупӕлӕз, ӕмӕ нӕ дымгӕ йӕхӕдӕг
рахӕсс-бахӕсс кодта. 18Уад нӕ ӕгъатырӕй
кӕй хоста, уымӕ гӕсгӕ дыккаг бон ден-
джызмӕ нӕ ласинӕгтӕ калын райдыдтам.
19Ӕртыккаг бон та науы гӕрзтӕ ракалдтам.
20Бирӕ бонты дӕргъы нӕдӕр хур, нӕдӕр
стъалытӕ кӕй нӕ зындысты, уадӕн дӕр
ӕрӕнцайӕн кӕй нал уыд, уымӕ гӕсгӕ фер-
вӕзыныл нӕ зӕрдӕ нал дардтам. 21Адӕм
хойраджы хъӕстӕ рагӕй нал фесты. Павел
рацыд сӕ размӕ ӕмӕ загъта: «Хорз адӕм,
хъуыди уӕ мӕ коммӕ бакӕсын ӕмӕ Криты
баззайын. Уӕд ацы бӕллӕх нӕ бавзӕрста-
иккам ӕмӕ ныл зиан не ’рцыдаид. 22Ныр та
уӕм сидын: уӕ ныфс ма асӕттӕд! Сымахӕй
иу дӕр нӕ фесӕфдзӕн, ӕрмӕстдӕр — нау.
23Ӕз Кӕй дӕн ӕмӕ Кӕмӕн лӕггад кӕнын,
Уыцы Хуыцауы зӕд мӕм фӕзынди дысон
24ӕмӕ мын загъта: „Ма тӕрс, Павел! Ды
хъуамӕ ӕрлӕууай кесӕры раз, ӕмӕ дын
Хуыцау балӕвар кодта, демӕ чи цӕуы, уы-
доны иууылдӕр“. 25Уӕдӕ ма тӕрсут, хорз
адӕм, ӕз Хуыцауыл ӕууӕндын: куыд мын
загъдӕуыд, афтӕ уыдзӕн. 26Уад нӕ хъуамӕ
раппара цавӕрдӕр сакъадахмӕ».
27Цыппӕрдӕсӕм ӕхсӕв нӕ уылӕнтӕ Ад-
риатикӕйы денджызы куы хастой, уӕд ӕм-
бисӕхсӕвмӕ хӕстӕг наудзогтӕ банкъард-
той, зӕхмӕ кӕй ӕввахс кӕнӕм, уый. 28Куы
сбарстой, уӕд денджыз разынд ссӕдз ивазны
ӕрфӕн; стӕй та йӕ чысыл дарддӕр сбарстой,

æмæ уыди фынддæс ивазны æрфæн. 29Нау
къæдзæхтæм куы бахæсса, уымæй тæссаг
кæй уыди, уымæ гæсгæ фæстæрдыгæй æру-
агътой цыппар науæнгуыры æмæ куывтой,
цæмæй тагъддæр æрбабон уа. 30Наудзогтæ
хъавыдысты науæй алидзынмæ æмæ, разæр-
дыгæй науæнгуыр æрæппарыны æфсонæй,
бæлæгъ æруагътой денджызмæ.
31Уæд Павел сæдæйыхицауæн æмæ æф-
сæддонтæн загъта: «Уыдон науыл куынæ
баззайой, уæд уын фервæзæн нæй».
32Уæд æфсæддонтæ акъуырдтой бæлæ-
гъы бæттæнтæ, æмæ бæлæгъ денджызмæ
ныххауд.
33Боныцъæхты размæ Павел се ’ппæтмæ
дæр хатыд бахæрыны тыххæй: «Цыппæрдæ-
сæм бон æнхъæлмæ кæсут æмæ хойраджы
хъæстæ нæма фестут. 34Уымæ гæсгæ уæм
хатын, цæмæй бахæрат — уый ахъаз уыдзæ-
ни уæ фервæзынæн. Иу æрду дæр уæ никæй
сæрæй фæхъæудзæн».
35Уыцы ныхæсты фæстæ Павел райста
дзул, се ’ппæты раз арфæ ракодта Хуыцауæн,
асаста йæ æмæ райдыдта хæрын. 36Уæд се
’ппæт дæр фæныфсджын сты æмæ бахордтой.
37Науыл æдæппæтæй уыдыстæм дыууæсæдæ
æвдай æхсæз адæймаджы. 38Куы бафсæс-
тысты, уæд нау фæрогдæр кæныны тыххæй
мæнæу акалдтой денджызмæ.
39Куы сбон ис, уæд, цы зæхх у, уый нæ
базыдтой, фæлæ змисджын доны былыл
федтой донбакæлæн. Бауынаффæ кодтой
гæнæн æмæ амалæй нау уырдæм батæрын
æмæ йæ змисы ныссадзын. 40Акъуырдтой на-
уæнгуыртæ æмæ сæ ныууагътой денджызы,
суæгъд кодтой науыздахæнтæ, систой раззаг
наупæлæз дымгæмæ æмæ сæ ных сарæзтой
былмæ. 41Фæлæ бахаудтой донбылмæ, æмæ
нау тæнæджы ныссагъди. Йæ фындз анигъу-
ылди зæххы æмæ нал змæлыд, йæ фæрстæ та
йын уылæнтæ пырх кодтой. 42Æфсæддонтæм
фæзынд ахæстыты амарыны фæнд, куыд
ничи дзы аленк кæна æмæ алидза, афтæ.
43Фæлæ сæдæйыхицауы фæндыди Паве-
лы фервæзын кæнын, æмæ сæ нæ бауагъта.
Бардзырд радта, цæмæй, ленк кæнын чи
зыдта, уыдон æппæты разæй ныггæпп кæной
денджызмæ æмæ былмæ рахизой; 44иннæтæ
та исты амæлттæ кæной фервæзынæн — чи
фæйнæгыл, чи та науы гæбазыл. Афтæмæй
не ’ппæт дæр раирвæзтыстæм зæхмæ.

**28** Зæхмæ куы раирвæзтыстæм, уæд базыд-
там, сакъадахæн йæ ном Мелит кæй у, уый.
2Сакъадахы цæрджытæ разындысты тынг
адæмуарзаг. Уарыд, æмæ уыди уазал; уымæ
гæсгæ арт бандзæрстой æмæ не ’ппæты дæр
бахуыдтой. 3Павел æрбахаста пыхсытæ æмæ
сæ артыл куы æвæрдта, уæд калм тæвдмæ
рабырыд пыхсытæй æмæ йын ацауындзæг
йæ цонгыл. 4Сакъадахы цæрджытæ йын
йæ цонгыл калмы ауыгъдæй куы федтой,
уæд кæрæдзийæн дзырдтой: «Ацы адæймаг,
æнæгуырысхойæ, лæгмар у. Денджызæй фер-
вæзт, фæлæ йын раст тæрхоны сылгоймаг-
хуыцау удæгасæй баззайыны бар нæ дætты».
5Фæлæ Павел калмы йæ цонгæй æрцагъта
артмæ æмæ йын ницы зиан скодта. 6Адæм
æнхъæлмæ кастысты, Павел ныррæсидзæн
кæнæ дзыхъмард фæуыдзæн, зæгъгæ. Фæлæ
бирæ куы фенхъæлмæ кастысты æмæ йын
калм кæй ницы разиан кодта, уый куы фед-
той, уæд æм ракастысты æндæр цæстæй æмæ
загътой, уый хуыцау у, зæгъгæ. 7Уырдæм
хæстæг уыдысты сакъадахы хицау Публийы
хæдзар æмæ зæххытæ. Публий нæ суазæг
кодта æмæ нын æртæ боны уыди рæдау
фысым. 8Публийы фыд сади тæвдниз æмæ
гуыбыннизæй. Павел æм бацыд, бакуывта,
æрæвæрдта йыл йæ къухтæ æмæ йæ сдзæбæх
кодта. 9Уыцы цауы фæстæ сакъадахы иннæ
рынчынтæ дæр цыдысты Павелмæ æмæ-иу
сдзæбæх сты. 10Тынг нæ сбуц кодтой æмæ,
куы цыдыстæм, уæд нын немæ нывæрдтой,
цы нæ хъуыди, уыдæттæ.
11Æртæ мæйы фæстæ ацыдыстæм, «Диос-
куртæ» кæй хуыдтой, уыцы александриаг
науыл. Уый зымæгиуат кодта уыцы сакъа-
дахыл. 12Бацыдыстæм Сиракузтæм æмæ уым
баззадыстæм æртæ боны. 13Уырдыгæй ацы-
дыстæм æмæ бахæццæ стæм Регимæ. Иннæ
бон радымдта хуссайраг дымгæ, æмæ дыккаг
бон уыдыстæм Путеолы. 14Уым ссардтам
æфсымæрты æмæ сæм, сæ курдиатмæ гæсгæ,
баззадыстæм авд боны, стæй Роммæ араст
стæм. 15Ромаг æфсымæртæ фехъуыстой нæ
хабар æмæ нæ размæ рацыдысты Аппийы
Фæз æмæ Æртæ Фысымуаты цурмæ. Павел
сæ куы федта, уæд арфæ ракодта Хуыцауæн
æмæ йæ зæрдæ барухс.
16Роммæ куы æрцыдыстæм, уæд Павелæн
радтой йæ хъахъхъæнæг æфсæддонимæ
хицæнæй æрцæрыны бар.
17Æртæ боны фæстæ Павел æрхуыдта
дзырддзæугæ иудейæгты. Куы æрæмбырд
сты, уæд сын загъта: «Æфсымæртæ, нæ адæ-
мы ныхмæ æмæ нæ фыдæлты æгъдæутты

**27:28** *Ссæдз ивазны* – æртын æхсæз метры бæрц; *фынддæс ивазны* – авд æмæ ссæдз метры бæрц.

ныхмæ æвзæрæй ницы сарæзтон, фæлæ
мæ Йерусалимы æрцахстой æмæ мæ рад-
той ромæгты къухмæ. 18Уыдон æркастыс-
ты мæ хъуыддагмæ æмæ мæ хъавыдысты
рауадзынмæ, уымæн æмæ, мæлæты тæр-
хон рахæссыны аккаг цы уа, ахæмæй ницы
сарæзтон. 19Фæлæ иудейæгтæ ныхмæ кæй
уыдысты, уымæ гæсгæ æрдомдтон кесæры
тæрхон — æндæр гæнæн мын нæ уыд. Æмæ
æз афтæ мæ адæммæ исты азым æрхæссы-
ны охыл нæ бакодтон. 20Æппæт уыдæтты
тыххæй æрбахуыдтон сымах — фенон уæ
æмæ аныхас кæнон уемæ, уымæн æмæ ацы
рæхыстæй Израилы зæрдæдарæны сæрап-
понд баст дæн».

21Уыдон ын загътой: «Мах дæу тыххæй
Иудейæ фыстæджытæ дæр нæ райстам, æр-
цæуæг æфсымæртæй дæр нын дæу тыххæй
æвзæрæй ничи ницы фехъусын кодта æмæ
загъта. 22Фæлæ мах фæнды, куыд хъуыды
кæныс, уый дæхицæй фехъусын. Уымæн
æмæ, алы ран дæр уыцы ахуырады ныхмæ
кæй дзурынц, уый нын зындгонд у».

23Иудейæгтæ баныхас кодтой Павелимæ,
цы бон фембæлдзысты, уый тыххæй; æмæ
кæм æрбынатон, уырдæм æрцыдысты но-
джы фылдæрæй. Павел сын райсомæй изæр-
мæ дзырдта Хуыцауы Паддзахады тыххæй,
Моисейы Æгъдауæй æмæ пехуымпарты чин-
гуытæй сын хаста æвдисæйнæгтæ Йесойы
тыххæй æмæ афтæмæй архайдта бауæндын
сæ кæныныл. 24Иуты бауæндын кодта йæ
ныхасæй, иннæты та нæ уырныдта. 25Иу хъу-
ыды сæм кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ хæлиу
кæнын райдыдтой, æмæ уæд Павел сдзырд-
та: «Сыгъдæг Уд хорз загъта нæ фыдæлтæн
пехуымпар Исайайы дзыхæй:

26 „Ацу уыцы адæммæ æмæ сын загъ:
Хъусæй хъусдзыстут, фæлæ нæ
бамбардзыстут,
цæстæй кæсдзыстут, фæлæ нæ
фендзыстут.
27 Уымæн æмæ ацы адæмæн сæ зæрдæ-
тæ ныддур сты,
хъусæй зынтæй хъусынц, сæ цæстытæ
сæхгæдтой,
цæмæй цæстæй дæр ма феной,
хъусæй дæр ма фехъусой
æмæ зæрдæйæ дæр ма бамбарой,
се 'ргом Мæм ма раздахой æмæ сæ Æз
ма сдзæбæх кæнон“.

28Уæдæ йæ зонут: Хуыцау адæймаджы
кæй ирвæзын кæны, уыцы уац муртат-
тæгтæн æрвыст у; хъусгæ дæр æй уыдон
фæкæндзысты».

29[Павел афтæ куы загъта, уæд иудейæг-
тæ ацыдысты, кæрæдзиимæ тынг быцæу
кæнгæйæ.]

30Павел дыууæ азы фæцард, йæхæдæг цы
цæрæнуат баххуырста, уым. Чидæриддæр
æм цыдис, уыдоныл-иу сæмбæлди зæрди-
агæй. 31Ныфсджынæй æмæ æнæкъуылым-
пыйæ дзырдта Хуыцауы Паддзахады æмæ
Бардарæг Йесо Чырыстийы тыххæй.

# Апостол Павелы
# фыстæг ромæгтæм

Ацы фыстæг, стæй Ног Фæдзæхстмæ цы фыстæджытæ бацыд, уыдонæн сæ фылдæры автор у Павел. Уый уыди дзуттаг, ахуыргонд фарисей; чырыстон дин райста, Йесо Чырысти йæм Йæ райгасы фæстæ Йæхæдæг куы фæзындис, уæд.

Ромы чырыстон æхсæнад ныридæгæн цалдæр азы йæ куыст кодта, Павел сæм ацы фыстæг куы арвыста, уыцы рæстæг. Йæхæдæг уый размæ Ромы никуы уыдис, фæлæ æхсæнады уæнгтæй кæйдæрты зыдта. Павелы ацы фыстæг Роммæ фæхæццæ кодта уырнæг сылгоймаг, йæ ном – Фивæ. Фыстæджы фыццаг хайы (1–11 сæртæ) сæйраг темæ у Фарны Уац – Хуыцау Йæ мæлæты фæрцы æппæт адæмы дæр тæрхоны азарæй кæй ирвæзын кæны, уый тыххæй. Адæймаг Йесо Чырыстийы Фарны Уацыл куы бауæнды, уæд ын Хуыцау ныххатыр кæны йæ тæригъæдтæ æмæ бафидауы йемæ, Йæхицæн дзы хъæбул фæзæгъы, Йæ Сыгъдæг Удæй йæ схайджын кæны. Моисейы Æгъдауы ахæм хорзæхтæн сæ кой дæр нæ уыди, уымæн æмæ адæм тæригъæды бацыдысты. Хуыцауы раз цавæрфæнды адæймаг дæр сыгъдæг вæййы, æрмæстдæр Чырыстийыл бауæндгæйæ.

Фыстæджы дыккаг хайы (12:1–15:13) Павел чиныгкæсджытæн сæ зæрдыл æрлæууын кæны, чырыстæттæн куыд цæрын æмбæлы, уый: кæрæдзийы уарзгæйæ, кæрæдзийæн аргъгæнгæйæ. Кæронбæттæны (15:14–16:27) Павел фыссы, тагъд Роммæ цæуинаг кæй у, уый тыххæй æмæ салæмттæ æрвиты æхсæнады уæнгтæн.

---

**1** Павелæй, Хуыцау кæмæ фæсидти æмæ
Йæ Фарны Уац адæммæ фæхæссын кæмæн
бахæс кодта, Йесо Чырыстийы уыцы цагъар
æмæ апостолæй. [2]Уыцы Фарны Уацæй Ху-
ыцау Йæ пехуымпарты фæрцы развæлгъау
зæрдæ æвæрдта Сыгъдæг Фысты.
[3]Уый у Йæ Фырты Фарны Уац. Йæ рав-
зæрдмæ гæсгæ Уый уыди Давиды байзæддаг,
[4]фæлæ, Хуыцауы Фырт кæй у, уый æвдыст
æрцыди Йæ тыхæй, Сыгъдæг Уды архайдæй,
мæрдтæй райгасæй; Уый у нæ Бардарæг Йесо
Чырысти. [5]Йесойы фæрцы æз сдæн апостол,
цæмæй Йæ номы сæраппонд æппæт адæмты
минæвæртты бауæндын кæнон Хуыцауыл.
[6]Сымах дæр, Йесо Чырыстийы сиддонтæ,
уыцы адæмæй стут. [7]Æз сидын, Хуыцау кæй
бауарзта æмæ кæй æрхуыдта, Ромы уыцы
сыгъдæджытæм се ’ппæтмæ дæр. Хорзæх
æмæ уын фарн нæ Фыд Хуыцауæй æмæ Бар-
дарæг Йесо Чырыстийæ.
[8]Фыццаджыдæр Йесо Чырыстийы фæр-
цы арфæ кæнын мæ Хуыцауæн уе ’ппæты
тыххæй дæр, уымæн æмæ æгас дунейæн
уæ уырнындзинад зындгонд у. [9]Хуыцау
мын æвдисæн – Йæ Фырты Фарны Уац
Ын адæммæ фæхæссыныл архайын æппæт
зæрдæйæ, – мæ куывдтыты уæ æрымысын
æдзухдæр [10]æмæ иудадзыг курын, кæд Хуы-
цауæн фæндиаг уа, уæд мын, æппынфæстаг,
куыд бантыса сымахмæ фæцæуын. [11]Уæ
уындмæ тынг бæллын, цæмæй уын, Сыгъдæг
Уд мын цы ралæвар кодта, уымæй бахай кæ-
нон æмæ сфидар уат. [12]Ома кæрæдзийы сфи-
дар кæнæм нæ иумæйаг уырнындзинадæй,
æз – уæ уырнындзинадæй, сымах – мæ уыр-
нындзинадæй. [13]Мæн фæнды, æфсымæртæ,
цæмæй сымах зонат, æз уæм бирæ хæттыты
кæй хъавыдтæн фæцæуынмæ, фæлæ мæ
нырмæ цыдæр аххосæгтæ кæй къуылымпы
кодтой, иннæ адæмтæм мын куыд бантыст,
сымахмæ дæр мæ тауинагæй ахæм тыллæг
райсын. [14]Æз хæсджын дæн бердзенæгтæй
дæр æмæ гуымиры адæмтæй дæр, ахуыр-
гонд адæмтæй дæр æмæ ницыфенджытæй
дæр. [15]Уымæ гæсгæ, ромæгтæ, цæттæ дæн
сымахæн дæр Фарны Уац хъусын кæнынмæ.
[16]Фарны Уацы тыххæй æз къæмдзæстыг нæ
дæн. Уымæн æмæ уый алы уырнæгæн дæр,
фыццаджыдæр уал иудейагæн, уый фæстæ

**1:14** Павел ам *бердзенæгтæ* хоны æрмæст бердзенаг адæмы нæ, фæлæ, сæ культурæ æмæ се ’взаг кæуыл фæзындысты, уыцы адæмы, уыдонимæ ромæгты дæр.

та муртаттагæн, ирвæзын æй чи кæны, Ху-
ыцауы уыцы тых у. 17Фарны Уац куыд æргом
кæны, афтæмæй Хуыцау адæймаджы раст
кæны, куы Йыл бауæнды, æрмæстдæр уæд.
Сыгъдæг Фыст дæр афтæ зæгъы: «Рæстгæнæг
уырнындзинады фæрцы цæрдзæни».
18Уæларвæй æргомгонд цæуы: Хуыцауы
æцæгад фыдæхæй ссæндæг адæм сæ æнæху-
ыцау митæ æмæ хæрам хъуыддæгты тыххæй
баййафдзысты Хуыцауы азар. 19Хуыцауы тых-
хæй цы базонæн ис, уый сын æргом у, уымæн
æмæ сын æй Хуыцау раргом кодта. 20Æмæ
сæхи ницæмæй сраст кæндзысты, уымæн
æмæ, цæстæй фенæн кæмæн нæй, Хуыцауы
уыцы мыггагмæйы тых æмæ Йæ æрдзыхъæд
дуне сфæлдисынæй нырмæ бæлвырд сты,
Хуыцау цы сфæлдыста, уыдæттыл куы хъу-
ыды кæнай, уæд. 21Хуыцауы бæргæ базыдтой,
фæлæ Хуыцауæн, цы кад Ын æмбæлы, ахæм
кад не скодтой æмæ Дзы бузныг нæ уыдысты.
Сæ зонд ныззыгъуыммæ ис, æмæ се 'нæмбар-
гæ зæрдæтыл саудалынг æртыхсти. 22Сæхи
зондджынтæ хонынц, фæлæ сæ зонд фæцыди,
23æмæ Æнæмæлгæ Хуыцаумæ кувыны бæсты
кувынц, адæймагау мæлæты бар кæуыл цæуы,
мæргътæ, цыппæркъахыг цæрæгойтæ æмæ
хилджыты уыцы фæлгонцтæм.
24Уыдон сæхæдæг æлгъаг кæнынц сæ буар,
æмæ сæ уымæн ныуугъта Хуыцау сæ зæрдæ-
ты чъизи монцты æвджид. 25Хуыцауы æцæ-
гад уыдон баивтой мæнгдзинадæй, кувынц
æмæ лæггад кæнынц фæлдисондæн, æнусмæ
арфæгонд Чи у, уыцы Сфæлдисæджы бæс-
ты. Аммен. 26Уымæн сæ ныуугъта Хуыцау
æлгъаг монцты æвджид. Сæ сылгоймæгтæ
лæгимæ цæрыны æрдзон æгъдау баивтой,
æрдзон чи нæу, ахæм æгъдауæй. 27Афтæ
нæлгоймæгтæ дæр, сылгоймагимæ цæрыны
æрдзон æгъдауыл сæ къух сисгæйæ, мондаг
кæнынц кæрæдзимæ. Нæлгоймæгтæ æлгъаг
митæ кæнынц нæлгоймæгтимæ, сæ хæлды
аккаг æфхæрдмæ тырнынц. 28Хуыцауы базо-
нын сæ кæй нæ бафæндыд, уымæ гæсгæ сæ
Хуыцау сæ галиу зонды æвджид ныуугъта,
æмæ, цы не 'мбæлы, уый кæнынц. 29Сæ тæ-
ригъæдтæ бæстыл нæ цæуынц, сты хæлд,
фыдзæрдæ, кæрæф, хæлæггæнаг, лæгмар;
æмхиц сты хъаугъамæ, фæливынмæ, хæрам
кæнынмæ, хахуырмæ; 30сты маргæвзаг, Хуы-
цау сын æнæуынон у, сты æдзæсгом, схъæл,
хиппæлой, фыдбылыз саразынмæ дæсны,
ныййарджыты коммæ нæ кæсынц; 31сты
æнæмбаргæ, æнæуууæнк, саузæрдæ, æгъатыр.
32Афтæ чи кæны, уыдонмæ, Хуыцауы раст
тæрхонмæ гæсгæ, мæлæт кæй æнхъæлмæ
кæсы, уый зонынц, фæлæ уæддæр сæ хъу-
ыддæгтæ нæ уадзынц. Уый нæ, фæлæ ма,
ахæм митыл чи бафтыди, уыдонæй дæр
æппæлынц.

**2** Уæдæ, чидæриддæр ма у, искæмæн тæр-
хон куы кæнай, уæд дын уый ныххатыр
кæнæн нæй. Искæмæн тæрхон кæнгæйæ,
ды дæхицæн дæр тæрхон кæныс, уымæн
æмæ, цæй тыххæй тæрхон кæныс, дæхæдæг
дæр уый гæнæг дæ. 2Мах та зонæм, афтæ
чи кæны, уыдонæн Хуыцау стæрхон кæн-
дзæн æцæгадмæ гæсгæ. 3Ау, афтæ æнхъæл
дæ, æмæ, дæхæдæг цы митæ кæныс, ахæм
миты тыххæй искæмæн тæрхонгæнæг куы
уай, уæд Хуыцауы тæрхонæй фервæздзы-
нæ? 4Æви Хуыцау хæрзаудæг, барон æмæ
бирæбыхсаг кæй у æмæ дæ Йе 'нæкæрон
зæрдæхæларæй æрфæсмон кæнынмæ кæй
хоны, уый не 'мбарыс? 5Фæлæ æнæсæттон
кæй дæ æмæ дæ æрфæсмон кæнын кæй нæ
фæнды, уымæй дæхæдæг ноджы карздæр
кæныс де 'фхæрд Хуыцауы азары бон, Ху-
ыцау Йæ æнæхæрам тæрхон куы раргом
кæна, уæд. 6Хуыцау уæд алкæмæн дæр саргъ
кæндзæн йæ хъуыддæгтæм гæсгæ: 7иудадзыг
хорз хъуыддæгтæ чи аразы æмæ афтæмæй
намыс, кад æмæ æнæмæлæтмæ чи тырны,
уыдонæн — мыггагмæйы цард; 8хиуарзон
чи у, æцæгады коммæ чи нæ кæсы æмæ тæ-
ригъæдмæ æмхиц чи у, уыдоны та баййаф-
дзæни Йæ азар. 9Фыддзинад чи аразы, алы
уыцы адæймаджы бакæндзæн удхар æмæ
хъизæмары хай: раздæр иудейаджы, стæй
та — муртаттаджы. 10Хорздзинад чи кæны,
уыдонæй та алкæмæ дæр æнхъæлмæ кæсынц
кад, намыс æмæ фарн: раздæр — иудейаг-
мæ, стæй та — муртаттагмæ. 11Уымæн æмæ
Хуыцау никæй хъулон кæны.
12Иудейаг Æгъдау кæмæн нæ уыд, афтæ-
мæй тæригъæды чи бацыди, уыдон амæл-
дзысты, фæлæ сын Æгъдау тæрхонгæнæг
нæ уыдзæн. Æгъдау кæмæн уыди, афтæмæй
тæригъæды чи бацыд, уыдонæн та тæрхон-
гонд уыдзæн Æгъдаумæ гæсгæ. 13Уымæн
æмæ Хуыцау сраст кæндзæн, Æгъдау хъусгæ
чи кæны, уыдоны нæ, фæлæ, Æгъдау æххæст
чи кæны, уыдоны.
14Муртаттæгтæн Æгъдау нæй, фæлæ сæ
мидхъæлæсмæ гæсгæ Æгъдауы домæнтæ
куы феххæст кæнынц, уæд сæхæдæг сæ-
хицæн æгъдау сты, кæд сын Æгъдау нæй,
уæддæр. 15Æмæ уымæй æвдисынц, Æгъ-
дауы домæнтæ сæ зæрдæты фыст кæй сты,
уый. Афтæ кæй у, ууыл дзурæг сты се 'фсарм

æмæ сæ хъуыдытæ — куы сæ азымджын
фæкæнынц, куы — раст. 16Æппæт уыдæттæ
рабæрæг уыдзысты, Йесо Чырыстийы фæр-
цы Хуыцау адæмы сусæг хъуыдытæн æмæ
хъуыддæгтæн тæрхон куы кæна, уæд. Афтæ
зæгъы, æз цы Фарны Уац хъусын кæнын, уый.

17Ныр та дæумæ дзурын, йæхи иудейаг
чи хоны, уый. Ныфс дæ ис Æгъдауæй; дæ-
хицæй ныббуц дæ, цыма Хуыцау дæумæ
æндæр цæстæй кæсы; 18Хуыцауæн фæндон
цы у, уый зоныс; Æгъдау дæ сахуыр кодта,
хуыздæр цы у, уый æмбарыныл; 19фидарæй
æууæндыс, куырмытæн фæндагамонæг кæй
дæ, талынджы цæрджытæн — рухс, 20æнæм-
баргæтæн — зондамонæг, ницызонджы-
тæн — ахуыргæнæг; æппæт зонынад æмæ
æцæгад дын Æгъдауы сты. 21Уæдæ, искæй
ахуыр кæнгæйæ, дæхи цæуылнæ ахуыр кæ-
ныс? Давыны ныхмæ дзурыс, дæхæдæг та
давыс! 22Зæгъыс «ма хæт» — æмæ хæтыс!
Былысчъилтæ кæныс гуымирытыл — æмæ
кувæндæттæ къахыс! 23Æгъдауæй æппæ-
лыс, фæлæ Æгъдау халыс æмæ уымæй æгад
кæныс Хуыцауы. 24Сыгъдæг Фыст зæгъы:
«Сымах аххосæй фауынц муртаттæгтæ Ху-
ыцауы ном».

25Æгъдаумæ гæсгæ куы цæрай, уæд сунæт
пайда у. Фæлæ кæд Æгъдауы сæрты ахызтæ,
уæд дæ сунæт ницыуал давы. 26Сунæтгонд
чи нæу, уый Æгъдауы домæнтæ куы æххæст
кæна, уæд æнæсунæтæй дæр Хуыцауы цæс-
ты сунæтгонд нæ уыдзæн, æви? 27Уæдæ йæ
буарыл сунæт кæмæн нæй, афтæмæй Æгъдау
чи æххæст кæны, уый рахæсдзæн тæрхон
дæуæн, Æгъдауы сæрты ахизæгæн, кæд дын
фыст Æгъдау ис æмæ сунæтгонд дæ, уæддæр.
28Æддаг бакастæй иудейаг чи у, æцæг иудейаг
уый нæу, буарыл цы сунæт ис, æцæг сунæт
уый нæу. 29Æцæг иудейаг, зæрдæйæ иудейаг
чи у, уый у; æцæг сунæт, Æгъдау афтæ кæй
домы, уый тыххæй конд нæу, фæлæ Удæй
аразгæ зæрдæйы сунæт у. Ахæм адæймагæй
адæм нæ, фæлæ Хуыцау раппæлы.

**3** Уæдæ иудейæгтæн сæ уавæр истæмæй
хуыздæр у, сунæт исты пайда дæтты? 2Бæ-
гуыдæр. Стыр пайда у алцыппæтæй дæр.
Сæйрагдæр уый у, æмæ Хуыцау Йæ ныхæстæ
уыдоны æвджид бакодта.

3Фæлæ кæд æмæ иуæй-иутæ Хуыцауыл
иузæрдион нæ разындысты, уæд уый тых-
хæй Хуыцау иузæрдион нал уыдзæн? 4Ницы
хуызы! Хуыцау Йæ дзырд нæ сайы, адæм
иууылдæр мæнгард куы уой, уæддæр. Сыгъ-
дæг Фыст зæгъы:

«Дæ рæстад бæрæг уыдзæни Дæ
ныхæстæй,
æмæ Дæ тæрхоны фæуæлахиз
уыдзынæ».

5Кæд нæ зылындзинад ноджы ирддæр
æвдисы Хуыцауы рæстдзинад, уæд та? Уæд,
мыййаг, Хуыцау кæд раст нæ уыдзæн, Йæ
азар ныл куы ныккала, уæд? (Адæймаг куыд
хъуыды кæны, афтæ дзурын.) 6Кæй зæгъын
æй хъæуы, нæ! Науæд Хуыцау дунейæн куыд
тæрхон кæнид?

7Кæд æмæ, æз иузæрдион кæй нæ дæн,
уый Хуыцауы иузæрдиондзинад тынгдæр
æргом кæны æмæ Хуыцауы кадыл æфтауы,
уæд ма мын тæригъæдджынау тæрхон кæ-
нын цæмæн хъæуы? 8Уæд та, — чидæртæ
мыл куыд мысынц, цыма уæ æз ууыл ахуыр
кæнын, уыйау, — æвзæрдзинад кæнын рай-
дайæм, цæмæй хорздзинад расайа? Уыцы
адæймæгты, цы тæрхоны аккаг сты, уый
баййафдзæн.

9Уæдæ куыд? Мах иннæтæй хуыздæр уа-
вæры стæм? Æппындæр нæ. Мах ныридæгæн
равдыстам, иудейæгтæ дæр æмæ муртаттæг-
тæ дæр тæригъæды дæлбар кæй сты, уый.
10Сыгъдæг Фыст дæр афтæ зæгъы:

«Нæй рæстгæнæг, иунæг дæр нæй,
11 иу æмбаргæ адæймаг дæр нæй,
ничи агуры Хуыцауы.
12 Се 'ппæт дæр адзæгъæл сты,
иу дæр дзы нæ бæззы;
хорздзинад ничиуал кæны,
иунæг адæймаг дæр.
13 Сæ дзых — гом ингæн,
се 'взаг — мæнгард,
сæ былтыл — калмы марг.
14 Сæ былалгъыл — æрмæстдæр æлгъыст
æмæ маст ныхас.
15 Туг ныккалынмæ цæттæ сты.
16 Кæм цæуынц, уым бæллæх
æмæ фыдбылыз тауынц,
17 фидыды фæндаг нæ зонынц.
18 Хуыцауы тас сæм нæй».

19Фæлæ мах зонæм: Æгъдау цыдæриддæр
зæгъы, уый, йæ дæлбар чи ис, уыцы адæмæн
зæгъы, цæмæй йæхи сраст кæнын йæ бон
макæмæн уа æмæ æгас дуне азымджын уа
Хуыцауы раз. 20Уымæн æмæ Æгъдау æххæст
кæнынæй Хуыцауы раз ничи сраст уыдзæн.
Æгъдауы руаджы, тæригъæд цы у, æрмæст
уый базонæм.

21Фæлæ ма Æгъдауæй уæлдай ныр Хуыцау
адæмæн раргом кодта, Æгъдау дæр æмæ пе-
хуымпартæ дæр æвдисæн кæмæн сты, уыцы
рæстад. 22Æппæт уырнджыты дæр Хуыцау

раст кæны Йесо Чырыстийыл æууæндыны
фæрцы, хъулон Ын сæ никæцы у. 23Уымæн
æмæ се 'ппæт дæр бацыдысты тæригъæды
æмæ Хуыцауы кадæй æнæхай фесты, 24фæлæ
Хуыцау, Йæ хорзæх сæ ис, æмæ уымæ гæсгæ
се 'ппæты дæр лæвар раст кæны Йесо Чы-
рыстийы фæрцы — Чырысти сын æлхæны
сæрибар. 25Хуыцау Æй снысан кодта фида-
уынгæнæг нывондæн, цæмæй Йæ Туджы
фæрцы барст æрцæуой, чи Йыл æууæнды,
уыдоны тæригъæдтæ. Уымæй Хуыцау рав-
дыста Йæ рæстдзинад — бирæбыхсаг кæй
у, уымæ гæсгæ адæмы нæ бафхæрдта сæ
раздæры тæригъæдты тыххæй, 26цæмæй
абон равдиса Йæ рæстдзинад: Йæхæдæг раст
у æмæ раст кæны Йесойыл æууæндджыты.

27Уæдæ цæмæй раппæлæм нæхицæй?
Ницæмæй. Кæцы Æгъдау нын дætты æп-
пæлыны бар? Хъуыддæгтæ домæг Æгъдау?
Нæ, уырныдзинад домæг Æгъдау. 28Уымæн
æмæ мах афтæ зæгъæм: адæймаг Æгъдау
æххæст кæна æви нæ — уырныдзинады
фæрцы сраст вæййы.

29Ау, Хуыцау æрмæст иудейæгты Хуыцау
у, муртаттæгты Хуыцау та нæу? Кæй зæ-
гъын æй хъæуы, муртаттæгты Хуыцау дæр
у. 30Уымæн æмæ Хуыцау иу у, æмæ растыл
банымайдзæн æппæт уырнджыты — сунæт-
гæндты дæр, стæй, сунæтгонд чи нæу, уыцы
уырнджыты дæр.

31Уæдæ Æгъдау уырныдзинадæй сафæм?
Ницы хуызы! Сафгæ нæ, фæлæ йæ фидар
кæнæм.

**4** Уæдæ цы зæгъæм нæ фыдæл Авраамы
тыххæй? Цы йын бантыст? 2Кæд Авраам
йæ хъуыддæгты фæрцы сраст ис, уæд сæ
йæ бон уыди сæрыстыр уæвын, фæлæ Хуы-
цауы раз — нæ. 3Сыгъдæг Фыст цы зæгъы?
«Авраам бауууæндыди Хуыцауыл, æмæ йæ
Хуыцау уый тыххæй банымадта рæстгæ-
нæгыл». 4Кусæгæн мызд лæвары охыл нæ,
фæлæ йын, кæй æмбæлы, уымæ гæсгæ фи-
дынц. 5Фæлæ адæймаг йæ хъуыддæгтæ нæ,
фæлæ йæ уырныдзинадыл йæ зæрдæ куы
дара æмæ, тæригъæдджыны Чи раст кæны,
Уыцы Хуыцауыл куы æууæнда, уæд æй Ху-
ыцау рæстгæнæгыл банымайдзæн. 6Уымæн
хоны Давид тæхудиаг, йæ хъуыддæгтæ йын
нæ нымайгæйæ, Хуыцау рæстгæнæгыл кæй
банымайы, уыцы адæймаджы:

7 «Тæхудиаг сты, сæ фыдракæндтæ
барст кæмæн æрцыдысты
æмæ Хуыцау кæй тæригъæдтæ
нал æрымысдзæн, уыдон.
8 Тæхудиаг у,
Дунедарæг йæ азым
тæригъæдыл кæмæн нæ банымайа,
уыцы адæймаг».

9Тæхудиаг кæй хоны: сунæтгонды æви
æнæсунæтгонды? Мах дзурæм: «Хуыцау
Авраамы йæ уырныдзинады фæрцы баны-
мадта рæстгæнæгыл». 10Кæд æй банымадта?
Сунæты фæстæ æви сунæты размæ? Сунæ-
ты фæстæ нæ, фæлæ сунæты размæ. 11Йæ
сунæт уыл дзурæг уыди, æмæ йæ Хуыцау
рæстгæнæгыл сунæты размæ банымадта,
уымæн æмæ Йыл Авраам æууæндыди. Æмæ
сунæтгонд чи нæу, æппæт уыцы уырнджы-
тæн Авраам сси сæ фыдæл, цæмæй уыдоны
дæр Хуыцау банымайа рæстгæнджытыл.
12Стæй сунæтгæндтæй дæр сæ фыдæл сси, йæ
фæдыл чи цыди æмæ, нæ фыдæл Авраам йæ
сунæты размæ куыд æууæндыди Хуыцауыл,
афтæ Йыл чи æууæндыди, æрмæст уыдонæн.

13Дуне уыдоны хай кæй бауыдзæн, уы-
мæй Авраам æмæ йæ байзæддагæн зæрдæ
бавæрдæуыд Æгъдаумæ гæсгæ нæ, фæлæ,
Хуыцау Авраамы йæ уырныдзинадмæ
гæсгæ рæстгæнæгыл кæй банымадта, уый
тыххæй. 14Дуне кæд Æгъдау æххæстгæн-
джыты хай бауыдзæн, уæд уырныдзинад
дзæгъæлы у, Хуыцауы зæрдæбавæрд дæр
ницы у. 15Уымæн æмæ Æгъдау æркæны Ху-
ыцауы фыдæхмæ; Æгъдау куынæ уа, уæд
та йæ халгæ дæр ничи кæны. 16Уæдæ уыцы
зæрдæбавæрд уырныдзинадмæ гæсгæ у,
цæмæй Хуыцауы лæвар уа æмæ æнæмæнг
аххæсса Авраамы æппæт байзæддæгтыл —
Æгъдауы дæлбар чи у, æрмæст уыдоныл нæ,
фæлæ Авраамы уырныдзинад кæмæ ис,
уыдоныл дæр. Авраам у не 'ппæты фыдæл,
17Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ: «Æз дæ
скодтон бирæ адæмты фыдæл». Бирæ адæм-
ты фыдæл Авраам у Хуыцауы раз — Кæуыл
бауууæндыди, мæрдты Чи æгас кæны æмæ,
цы нæй, уымæ æнæуæвынадæй уæвынадмæ
Чи басиды, уыцы Хуыцауы раз. 18Кæд ныфс
æвæрæн ницæмæй уыди, уæддæр Авраам
йæ зæрдæ дардта æмæ бауууæндыд, æмæ
уымæ гæсгæ сси уый бирæ адæмты фыдæл,
Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ: «Дæ бай-
зæддæгтæ афтæ бирæ уыдзысты». 19Авраам
æмбæрста: цæуы йыл фондзыссæдз азы
бæрц, йæ буар сæдых, Саррæ нал ныййар-
дзæни, фæлæ уæддæр йæ уырныдзинад нæ
фæцудыдта. 20Хуыцау Йæ дзырдæн хицау
кæй разындзæн, уыл нæ фæгуырысхо ис, йæ
уырныдзинад дзы бауагъта тых, æмæ скад
кодта Хуыцауæн, 21уымæн æмæ фидарæй

æууæндыд, Хуыцауæн Йæ зæрдæбавæрд
сæххæст кæнын Йæ бон кæй у, уыл. 22Уымæ
гæсгæ «Хуыцау уый банымадта рæстгæнæ-
гыл». 23Æниу, канд Авраамы тыххæй нæу
фыст, Хуыцау æй банымадта рæстгæнæгыл,
зæгъгæ, 24фæлæ мах тыххæй дæр. Хуыцау
рæстгæнджытыл банымайдзæн мах дæр,
уымæн æмæ æууæндæм нæ Бардарæг Йе-
сойы мæрдтæй Райгасгæнæгыл. 25Йесо нæ
тæригъæдты тыххæй лæвæрд æрцыди мæ-
лæтмæ æмæ райгас ис, цæмæй Хуыцауы раз
мах сраст уæм.

**5** Мах сраст стæм уырнындзинады руаджы,
æмæ нæ Бардарæг Йесо Чырысти бафидауын
кодта Хуыцауимæ. 2Нæ уырнындзинады
фæрцы нын Чырысти фæндаг байгом код-
та, хайджын кæмæй стæм, уыцы хорзæхмæ.
Æмæ Хуыцауы кадæй нæ хай кæй райсдзыс-
тæм, ууыл дарæм нæ зæрдæ, æмæ нæ цинæн
нал ис кæрон. 3Æмæ нæ цин æрмæст ууыл
нæу, фæлæ нæ тухæнтыл дæр, уымæн æмæ
зонæм, тухæнтæ бавзаргæйæ кæй свæййæм
фæразон, 4фæразонæй свæййæм фæлтæрд-
джын, фæлтæрддзинадæй та æвзæры ныфс.
5Ныфс та нæ сайы, уымæн æмæ, лæвæрд
нын Чи у, уыцы Сыгъдæг Уды фæрцы Хуыцау
нæ зæрдætæ байдзаг кодта Йæ уарзтæй. 6Лæ-
мæгъ ма куы уыдыстæм, уæд нысангонд æм-
гъуыдыл Чырысти амард тæригъæдджынты
сæраппонд. 7Рæстгæнæджы тыххæй исчи
йæ цард ратдзæн, уый дызæрдыггаг у. Чи
зоны, искæмæ разына йæ хæрзгæнæджы
сæраппонд амæлыны æхсар. 8Фæлæ нæ кæй
уарзы, уый Хуыцау равдыста, тæригъæд-
джынтæ ма куы уыдыстæм, уæд Чырысти
мах сæраппонд кæй амард, уымæй. 9Кæд
абон Йесойы Туджы фæрцы сраст стæм, уæд
нæ уымæй ноджы фылдæр ныфс ис, Йæ фæр-
цы Хуыцауы азарæй дæр кæй фервæздзыс-
тæм! 10Уымæн æмæ раздæр Хуыцауы знæгтæ
кæм уыдыстæм æмæ Йæ Фырты мæлæты
фæрцы Йемæ кæм бафидыдтам, уым нæ
уымæй ноджы фылдæр ныфс ис, мах, Хуы-
цауимæ фидыд адæм, кæй фервæздзыстæм
Йæ Фырты царды фæрцы! 11Уый нæ, фæлæ
Хуыцауимæ кæй стæм, уымæй нæ Бардарæг
Йесо Чырыстийы фæрцы æппæлæм — Уый
нæ бафидауын кодта Хуыцауимæ.
12Иу адæймаджы аххосæй дунемæ æрцыди
тæригъæд, æмæ уыцы тæригъæдимæ — мæ-
лæт. Афтæмæй мæлæтæн йæ бар цæуын
райдыдта æппæт адæмыл, уымæн æмæ се
'ппæт дæр тæригъæды бацыдысты. 13Тæ-
ригъæд Æгъдауы размæ дæр дунейы уыди,
фæлæ тæригъæд, Æгъдау куынæ уа, уæд
тæригъæдыл нымад нæ цæуы. 14Фæлæ мæ-
лæт Адамы заманæй Моисейы заманмæ дæр
æлдариуæг кодта, Адам кæй ракодта, уыцы
тæригъæды чи нæ бафтыд, уыдоныл дæр.
Адам та у, фидæны Чи хъуамæ æрцыда-
ид, Уымæн Йæ развæлгонц. 15Фæлæ Адамы
фыдракæнд æмæ Хуыцауы хорзæх иу не сты.
Кæд æмæ иу адæймаджы фыдракæнд бирæ-
ты бабын кодта, уæд иу Адæймаджы — Йесо
Чырыстийы руаджы та Хуыцауы хорзæх
аххæссыди уымæй ноджы бирæ фылдæр
адæмыл. 16Хуыцауы хорзæх æмæ иу адæй-
маджы тæригъæдæн абарæн нæй: иунæг
фыдракæнд — æмæ карз тæрхон, бирæ фыд-
ракæндтæ — æмæ бынтондæр сраст уæвыны
хорзæх.
17Кæд иу адæймаджы иу фыдракæнды
тыххæй мæлæт паддзахиуæг кæнын райдыд-
та, уæд иу Адæймаджы — Йесо Чырыстийы
руаджы та цæрдзысты æмæ паддзахиуæг
кæндзысты, Хуыцау йæ хорзæх рæдауæй
кæмæн дætты æмæ лæвар кæй раст кæны,
уыдон. 18Æцæгæйдæр, иу адæймаджы фыд-
ракæнд æппæт адæмæн карз тæрхон куыд
расайдта, афтæ иу Адæймаджы раст хъуыд-
даг дæр раст кæны æппæт адæмы æмæ сын
лæвар кæны цард.
19Иу адæймаджы æгоммæгæс бирæтæй
тæригъæдджын куыд скодта, афтæ иу Адæй-
маджы коммæгæсдзинад бирæты скæн-
дзæни рæстгæнджытæ. 20Æгъдау æрцыди
тæригъæды бабирæйæн, фæлæ тæригъæд
куы сбирæ ис, уæд Хуыцауы хорзæх дæр
парахат сси, 21цæмæй, тæригъæд куыд пад-
дзахиуæг кодта æмæ адæмæн мæлæт куыд
хаста, афтæ паддзахиуæг кæна Хуыцауы
хорзæх дæр, нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы
фæрцы раст кæна адæймаджы æмæ дætта
мыггагмæйы цард.

**6** Уæдæ цы зæгъæм? Цæмæй Хуыцауы
хорзæхыл бафта, уый тыххæй тæригъæд-
джынтæй хъуамæ баззайæм? Ницы хуызы!
2Мах амардыстæм тæригъæдæн, уæд ма
тæригъæдимæ куыд хъуамæ цæрæм? 3Æви
ныл Йесо Чырыстиимæ баиуы охыл куы
саргъуыдæуыд, уæд Йемæ кæй амардыстæм,
уый нæ зонут? 4Уæдæ аргъауыны рæстæг мах
амардыстæм æмæ ныгæд æрцыдыстæм Йе-
мæ, цæмæй, Чырысти Йæ Фыды намысджын
хъаруйæ мæрдтæй куыд райгас, афтæ мах
дæр райгас уæм æмæ цæрæм ног цардæй.
5Æмæ, Чырысти куыд амарди, кæд мах
дæр афтæ амардыстæм æмæ афтæмæй баиу

стæм Йемæ, уæд мæрдтæй дæр, Уый куыд
райгас ис, афтæ райгас уыдзыстæм æмæ
баиу уыдзыстæм Йемæ. 6Мах зонæм, раз-
дæр цы уыдыстæм, уыцы адæймаг Йемæ
дзуарылтыгъд æрцыди, цæмæй нæ тæриг-
гъæдджын æрдзыхъæдæн йæ тых басæтта
æмæ тæригъæды цагъайрадæй фервæзæм.
7Уымæн æмæ, чи амарди, уый ссæрибар ис
тæригъæдæй. 8Æмæ кæд иугæр Чырыстиимæ
амардыстæм, уæд æууæндæм, цæргæ дæр
Йемæ кæй кæндзыстæм, ууыл. 9Мах зонæм,
мæрдтæй райгасы фæстæ Чырысти кæй нал
амæлдзæн, уый: мæлæты бон Ыл нал цæуы.
10Уымæн æмæ, куы амард, уæд амард тæри-
гъæдæн иу хатт æмæ — мыггагмæ. Ныр та
удæгас у æмæ цæры Хуыцауæн. 11Афтæ сы-
мах дæр тæригъæдæн уæхи нымайут мардыл,
Хуыцауæн та удæгасыл, Йесо Чырыстиимæ
кæй стут, уый фæрцы.

12Уæдæ уæ мæлæтон буарæн тæригъæд ма
уæд паддзах, цæмæй чъизи монцты коммæ
ма кæсат. 13Уæ буары хæйттæй макæцы ба-
уадзут æвзæр хъуыддæгтæ аразыны хотых
суæвын æмæ тæригъæдæн лæггад кæнын,
фæлæ, мæрдтæй кæй райгас стут, уымæ
гæсгæ уæхи бакæнут Хуыцауы æвджид æмæ
Йын рæстады хотыхæн раттут уе уæнгтæ.
14Тæригъæд уын æлдар ма уæд, уымæн æмæ
сымах Æгъдауы дæлбар не стут, фæлæ Хуы-
цауы хорзæхы дæлбар.

15Уæдæ цы кæнæм? Æгъдауы дæлбар нæ,
фæлæ Хуыцауы хорзæхы дæлбар кæй стæм,
уый тыххæй хъуамæ тæригъæды бафтæм?
Ницы хуызы! 16Цагъарау кæй коммæ ба-
кастыстут, уымæн йæ цагъартæ кæй стут,
уый нæ зонут, æви? Тæригъæдæн куы уат
цагъартæ, уæд амæлдзыстут, Хуыцауы ком-
мæ куы кæсат, уæд та уын æнæ сраст уæвгæ
нæй. 17Кæддæр сымах тæригъæды цагъартæ
уыдыстут, фæлæ, Хуыцауæй бузныг, ныр
уæ зæрдæ радтат, цы ахуырад уын лæвæрд
æрцыд, уымæн.

18Сымах суæгъд стут тæригъæдæй æмæ
систут рæстады цагъартæ. 19Хуымæтæг æвза-
гæй уын æй дзурын, уымæн æмæ уын, чи зо-
ны, уыдæттæ бамбарын зын уа. Уæ буæрттæ
кæддæр æнæуаг æмæ чъизи хъуыддæгтæн
цагъартæ куыд скодтат, цæмæй æвзæр митæ
кæнат, афтæ сæ ныр та рæстадæн скæнут
цагъартæ, цæмæй сыгъдæгæй цæрат.

20Уымæн æмæ, тæригъæды цагъартæ куы
уыдыстут, уæд сымахыл рæстады бар нæ
цыд. 21Æмæ уын уый цы æрхаста? Æмхиц
уыдыстут, ныртæккæ æфсæрмы кæмæй кæ-
нут æмæ фæстагмæ мæлæтмæ чи æркæны,
ахæм митæм. 22Фæлæ тæригъæдæй суæгъд
стут æмæ систут Хуыцауы цагъартæ; ныр-
тæккæ уæ хæрзиуæг у сыгъдæг цард, æппын-
фæстаг та райсдзыстут мыггагмæйы цард.
23Уымæн æмæ тæригъæдæн йæ фиддон у
мæлæт, Хуыцауы лæвар та — мыггагмæйы
цард нæ Бардарæг Йесо Чырыстиимæ иу-
дзинады фæрцы.

**7** Æфсымæртæ, — Æгъдау чи зоны, уыдонмæ
дзурын, — Æгъдауы бар адæймагыл æрмæст
йæ удæгасæй кæй цæуы, уый нæ зонут, æви?
2Зæгъæм, моймæдзыд сылгоймаджы йæ
удæгас мойыл æгъдау бæтты. Йæ мой куы
амæла, уæд та ссæрибар вæййы, йæ мойыл
æй чи бæтты, æгъдауы уыцы домæнтæй.
3Йæ мой удæгас куы уа, афтæмæй æндæр
мой куы скæна, уæд ыл хæтаджы ном сбады.
Йæ мой куы амæла, уæд æгъдауæй сæрибар
у æмæ, æндæр мой куы скæна, уæд хæтагыл
нымад нæу.

4Сымах дæр афтæ, ме 'фсымæртæ: Чырыс-
тийы мæлæты фæрцы амардыстут Æгъдауæн,
цæмæй уат Æндæры — мæрдтæй Чи райгас,
Уый адæм æмæ кусат Хуыцауæн. 5Удæгасæй
мах нæ тæригъæдджын æрдзыхъæды уацары
уыдыстæм æмæ, Æгъдау цы чъизи монц-
тæ цырен кодта, уыдон хæлбурцъ кодтой
нæ буары æмæ куыстой мæлæтæн. 6Ныр та,
кæй уацары уыдыстæм, æппæт уыдæттæн
амардыстæм æмæ афтæмæй ссæрибар стæм
Æгъдауæй, цæмæй Хуыцауæн кæддæрау,
Æгъдауы фыстмæ гæсгæ нæ, фæлæ ног хуы-
зы, Сыгъдæг Уды æххуысæй, лæггад кæнæм.

7Уæдæ ныр цы зæгъæм? Ау, Æгъдауæй цæ-
уы тæригъæд? Ницы хуызы! Фæлæ Æгъдау
куынæ уаид, уæд, тæригъæд цы у, уый æз
нæ зыдтаин. Уымæн æмæ, Æгъдау куынæ
фæдзæхстаид «Ма бабæлл», уæд нæ зыдтаин,
бабæллын цы нысан кæны, уый. 8Фæлæ тæ-
ригъæдæн фæдзæхсты фæрцы фадат фæци,
æмæ мæм райгуырын кодта алы мондæг-
тæ. Тæригъæд та æнæ Æгъдауæй мард у.
9Æз кæддæр цардтæн, Æгъдау нæ зыдтон,
афтæмæй; фæлæ, фæдзæхст куы фæзынд,
уæд тæригъæд райгас ис, 10æз та амардтæн:
царддæттæг цы фæдзæхст хъуамæ уыдаид,
уый мын æрхаста мæлæт. 11Уымæн æмæ
тæригъæдæн фæзынди фадат фæдзæхс-
тæй спайда кæнынæн æмæ мæ амарынæн.
12Фæлæ Æгъдау йæхæдæг Хуыцауæй цæуы,
æмæ, цыдæриддæр домы, уый сыгъдæг, раст
æмæ хорз у.

13Уæдæ мын, ау, уыцы хорз æрхаста мæ-
лæт? Ницы хуызы! Уый тæригъæд сарæзта

æмæ уымæй йе ’цæг цæсгом равдыста: уы-
цы хорзæй спайда кодта æмæ мын мæлæт
æрхаста. Уæдæ афтæ: фæдзæхсты руаджы
ноджы тынгдæр рабæрæг ис, тæригъæд куыд
тæригъæдджын у, уый.

14 Мах зонæм, Æгъдау Удæй кæй цæуы, уый.
Æз та буардзыд адæймаг дæн, тæригъæд-
джын æрдзыхъæды цагъар. 15 Цы ми кæнын,
уый мæхæдæг дæр не ’мбарын. Цы мæ фæн-
ды, уый нæ кæнын, фæлæ мын æнæуынон
цы у, уый та кæнын. 16 Æмæ кæд, цы мæ нæ
фæнды, уый кæнын, уæд, бæлвырд, разы
дæн: Æгъдау хорз у. 17 Фæлæ, æцæгдзинадæй,
уый æз нæ, фæлæ, мæ мидæг цы тæригъæд
цæры, уый архайы. 18 Æз зонын: мæ мидæг,
ома мæ тæригъæдджын æрдзыхъæды, хор-
зæй ницы ис. Хорздзинад кæнын мæ фæнды,
фæлæ мын нæ уайы. 19 Æмæ мæ кæд фæнды,
уæддæр хорздзинад нæ кæнын, кæд мæ нæ
фæнды, уæддæр аразын фыддзинад. 20 Æмæ
кæд, цы мæ нæ фæнды, уый кæнын, уæд
æй æз нæ кæнын, фæлæ йæ, мæ мидæг цы
тæригъæд цæры, уый кæны.

21 Уæдæ мæхицæн ахæм æгъдау раргом
кодтон: хорз кæнын мæ куы бафæнды, уæд
мын фыддзинад рауайы. 22 Уымæн æмæ мæ
уд цин кæны Хуыцауы æгъдауыл, 23 фæлæ
мæ туджы ис æндæр æгъдау. Уыцы æгъдау
тох кæны, мæ зонд цы æгъдауы фарс у, уый
ныхмæ, æмæ æз свæййын, мæ туджы цы тæ-
ригъæдджын æгъдау ис, уымæн йæ уацайраг.
24 Цы мæгуыр у адæймаг! Чи мæ фервæзын
кæндзæн, йæ тæригъæдджын æрдзыхъæды
аххосæй мæлæты фос цы буар у, уымæй?
25 Бузныг Хуыцауæн — нæ Бардарæг Йесо
Чырыстийы руаджы мæ фервæзын кодта!

Уæдæ æз уыцы иу адæймаг дæн, фæлæ
мæ зондæй кусын Хуыцауы æгъдауæн, мæ
тæригъæдджын æрдзыхъæдæй та — тæри-
гъæды æгъдауæн.

**8** Уæдæ Йесо Чырыстиимæ чи ис, уыдо-
нæн тæрхонгонд никуы уыдзæн. 2 Сыгъдæг
Уды царддæттæг æгъдау Йесо Чырыстийы
руаджы дæу ссæрибар кодта тæригъæды
æмæ мæлæты æгъдауæй. 3 Адæймаджы
æрдзыхъæд æй кæй слæмæгъ кодта, уый
аххосæй Æгъдауæн цы нæ бантыст, уый са-
рæзта Хуыцау — буарыдзыдæй рарвыста Йæ
Фырты, æмæ, адæймаджы тæригъæдджын
æрдзыхъæды хуызæн чи уыди, Фырты уыцы
æрдзыхъæд хаст æрцыди тæригъæды ны-
вондæн. Афтæмæй Хуыцау тæрхон рахаста,
адæймаджы æрдзыхъæды цы тæригъæд цæ-
ры, уымæн, 4 цæмæй, Æгъдау цы рæстдзинад
домы, уый сæххæст уа нæ царды æмæ мах
цæрæм тæригъæдджын æрдзыхъæды коммæ
кæсгæйæ нæ, фæлæ Сыгъдæг Уды коммæ
кæсгæйæ.

5 Тæригъæдджын æрдзыхъæдæн коммæ-
гæстæ тырнынц, сæ æрдзыхъæды цы фæнды,
уымæ; Удæн коммæгæстæ та — Уды цы фæн-
ды, уымæ. 6 Тæригъæдджын æрдзыхъæды
цы фæнды, уымæ тырнын мæлæт у; Уды цы
фæнды, уымæ тырнын та — цард æмæ фарн.
7 Тæригъæдджын æрдзыхъæды цы фæнды,
уымæ тырнæг Хуыцауæн знаг у, уымæн æмæ
Хуыцауы æгъдауæн нæ сæтты, стæй йæ бон
басæттын дæр нæу. 8 Тæригъæдджын æр-
дзыхъæдæн коммæгæстæн Хуыцауы зæрдæ
балхæнын сæ бон нæу.

9 Сымах та уæ тæригъæдджын æрдзы-
хъæдæн коммæгæс не стут, фæлæ — Удæн,
кæд Хуыцауы Уд уæ зæрдæты цæры, уæд.
Чырыстийы Уд кæмæ нæй, уый та Чырысти-
йы нæу. 10 Фæлæ кæд Чырысти уæ зæрдæйы
ис, уæд уын мон дæтты цард, Хуыцауимæ
фидыд кæй стут, уый фæрцы, кæд уæ бу-
ар тæригъæды аххосæй мæлæтæн лæвæрд
у, уæддæр. 11 Йесойы мæрдтæй Чи райгас
кодта, Уый Уд кæд уæ зæрдæйы цæры, уæд,
Чырыстийы мæрдтæй Чи райгас кодта, Уый
уæ буар дæр — мæлæтæн лæвæрд — райгас
кæндзæни, уæ зæрдæйы Чи цæры, Йæ уыцы
Уды руаджы.

12 Уæдæ, æфсымæртæ, мах нæ тæригъæд-
джын æрдзыхъæдæй хæс нæ дарæм, цæмæй,
уый куыд фæнды, афтæ цæрæм. 13 Кæд тæ-
ригъæдджын æрдзыхъæдæн коммæгæсæй
цæрут, уæд амæлдзыстут; фæлæ кæд Уды
хъаруйæ буары тæригъæдджын хъуыддæг-
тыл тых кæнат, уæд цæрдзыстут. 14 Уымæн
æмæ, Хуыцауы Уды коммæ чи кæсы, уыдон
иууылдæр Хуыцауы хъæбултæ сты. 15 Цы
Удæй схайджын стут, уый ахæм нæу, æмæ
цагъартæ уат æмæ та ногæй тасимæ цæрат.
Сымах схайджын стут, Хуыцауы хъæбултæ
уæ Чи скодта, уыцы Удæй, æмæ Уый фæрцы
ныхъхъæр кæнæм: «Абба! Нæ Фыд!» 16 Хуы-
цауы Уд Йæхæдæг нæ монимæ иумæ æв-
дисæн лæууы, мах Хуыцауы хъæбултæ кæй
стæм, уымæн. 17 Кæд Йæ хъæбултæ стæм,
уæд та, Хуыцаумæ цы хорзæхтæ ис, уыдо-
нæй райсдзыстæм, исгæ та сæ Чырыстиимæ
ракæндзыстæм. Æмæ кæд Чырыстиимæ
тухæнтæ æвзарæм, уæд нын хай уыдзæн
Йæ кадæй дæр.

18 Æз фидарæй æууæндын: цы кадæй схай-
джын уыдзыстæм, уымæн йæ разы ницы сты
абоны тухæнтæ. 19 Хуыцау кæй сфæлдыста,

æппæт уыцы дуне нæхъæцгæйæ æнхъæлмæ
кæсы, Хуыцау Йæ хъæбулты кæд раргом
кæндзæнис, уымæ. 20Уымæн æмæ, Хуыцау
кæй сфæлдыста, уыцы дуне бацайдагъ ис
æнæпайда цардыл; барвæндонæй йæ нæ
равзæрста, фæлæ йæ ахæм цардыл бафта-
уын Хуыцауы бафæндыд: ныфс Æй уыди,
21Йе сфæлдыст дуне кæй фервæздзæн мæ-
лæты æфсондзæй æмæ Хуыцауы хъæбулты
сæрибар æмæ кад кæй райсдзæн, уымæй.
22Мах зонæм: Хуыцау кæй сфæлдыста, æп-
пæт уыцы дуне абон дæр ма хъæрзы æмæ
хъизæмар кæны арæг сылгоймагау. 23Стæй
æрмæст дуне нæ, фæлæ мах дæр — Сыгъдæг
Удæн Йæ фыццаг дыргътæй чи схайджын ис,
уыдон, нæхæдæг дæр хъæрзæм æмæ æн-
хъæлмæ кæсæм, Хуыцау нæ Йæ хъæбултау
кæд айсдзæн æмæ нæ буар мæлætæй кæд
фервæздзæнис, уымæ. 24Мах уыцы зæрдæ-
дарæнимæ фервæзтыстæм. Зæрдæ цæуыл
дарæм, уый цæстæй куы уынæм, уæд уый
зæрдæдарæн нал у. Адæймаг цы уына, ууыл
ма йæ зæрдæ куыд хъуамæ дара? 25Фæлæ цы
нæма федтам, ууыл нæ зæрдæ куы дарæм,
уæд æм æнхъæлмæ кæсæм фæразонæй.

26Æмæ нæм Сыгъдæг Уд дæр æрцæуы æх-
хуысмæ, уымæн æмæ мах стæм лæмæгъ æмæ
нæ зонæм, цæй тыххæй æмæ куыд кувын
хъæуы, уый. Уæд Уд Йæхæдæг мах тыххæй
Хуыцауæй фæкуры, зæгъæн кæмæн нæй,
ахæм сулæфтытæй. 27Нæ зæрдæйы æмбæхст
хъуыдытæ дæр æргом Кæмæн сты, Уый та
зоны Уды фæндон дæр, уымæн æмæ Уый
сыгъдæджыты тыххæй куры, Хуыцауæн
фæндон куыд у, афтæ. 28Мах та зонæм, Хуы-
цауы чи уарзы, Йæ уынаффæмæ гæсгæ кæмæ
басидтæуыд, уыдонæн алцыдæр хорзæн кæй
фæкæны. 29Уымæн æмæ Хуыцау, рагагъом-
мæ кæй базыдта, уыдонæн снысан кодта
Йæ Фырты хуызæн уæвын, цæмæй бирæ
æфсымæрты æхсæн Йесо уа фыццаг зæнæг.
30Æмæ рагацау кæй снысан кодта, уыдонмæ
фæсидти, сраст кодта, кæмæ фæсидти, уыдо-
ны æмæ, кæй сраст кодта, уыдоны схайджын
кодта Йæ кадæй.

31Уымæ ма цы бафтауæм? Кæд Хуыцау нæ
фарс у, уæд нæ ныхмæ та чи у? 32Йæ Фырты
Чи нæ бавгъау кодта, фæлæ Йæ не 'ппæты
сæрвæлтау нывондæн Чи æрхаста, Уый нын
Йемæ æппæт дæр нæ ратдзæн, æви?

33Чи фæзылын кæндзæн Хуыцауы æвзæрс-
тыты? Хуыцау сæ раст кæны. 34Чи сын стæр-
хон кæндзæн? Чи амард, фæлæ ма мæрдтæй
дæр Чи райгас, уыцы Йесо Чырысти бады Ху-
ыцауы рахизфарс æмæ курæг у мах тыххæй.

35Чырыстийы уарзтæй мах æнæхай чи
фæкæндзæн? Хъыг æви зынтæ, æфхæрд æви
стонг, мæгуырдзинад, тас æви кард? 36Сыгъ-
дæг Фыст зæгъы:

> «Дæу кæй стæм, уый тыххæй нæм
> æрвылбон мæлæт æртхъирæн кæны;
> нымайынц нæ æргæвдинаг фыстыл».

37Фæлæ æппæт уыдæттыл уæлахиз кæ-
нæм нæ Бауарзæджы хъаруйæ. 38Уымæн
æмæ æз æууæндын: нæдæр мæлæт, нæдæр
цард, нæдæр зæдтæ, нæдæр æндæр тых-
тæ, нæдæр абон, нæдæр фидæн, 39нæдæр
уæлæрвтæ, нæдæр дæлзæхх, — сфæлдыст
дунейы ахæмæй ницы разындзæн, нæ Бар-
дарæг Йесо Чырыстиимæ иудзинады фæрцы
Хуыцау махæн цы уарзт равдыста, уымæй
нæ æнæхай фæкæнын чи бафæраза!

**9** Чырыстонæн куыд æмбæлы, афтæ æцæг-
дзинад дзурын, нæ сайын; æвдисæн та мын
у, Сыгъдæг Уды дæлбар чи ис, мæ уыцы æф-
сарм. 2Мæ хъыг уæззау у, мæ зæрдæ йæ рис-
сынæй не 'нцайы. 3Фæлтау æлгъыст куы
баййафин æмæ, мæ туг, ме стæг чи у, мæ
уыцы æфсымæрты сæраппонд Чырыстийæ
куы фæхицæн уаин.

4Уыдон израилæгтæ сты; Хуыцау сæ Йæ-
хицæн хъæбултæ скодта, Йæ кад сын раргом
кодта, семæ фидыдтæ сарæзта, радта сын
Æгъдау, Хуыцаумæ кувыны уаг, зæрдæтæ
сын бавæрдта. 5Уыдонæн ис рагфыдæлтæ;
се 'хсæн райгуырди Чырысти дæр, æппæтыл
Кæй бар цæуы, уæлдæр Кæмæй нæй, уыцы
Хуыцау. Арфæгонд уæд æнустæм! Аммен.

6Уый зæгъæн нæй, æмæ Хуыцау Йæ ныхас
фæсайдта. Израилы байзæддæгтæ се 'ппæт
æцæг израилæгтæ не сты. 7Авраамæн дæр
йæ байзæддæгтæ се 'ппæт йе 'цæг хъæбул-
тæ не сты. Фæлæ Хуыцау загъта: «Исаакæй
чи райгуыра, уыдон уыдзысты нымад дæ
байзæддæгтыл». 8Ома, æрдзон æгъдауæй
чи райгуырд, Хуыцауы хъæбултæ уыдон не
сты, фæлæ, Хуыцауы зæрдæбавæрдæй чи
райгуырд, уыдон нымад сты байзæддæгтыл.
9Мæнæ уыцы зæрдæбавæрд: «Æрцæудзынæн
нысангонд рæстæджы, æмæ Саррæйæн уы-
дзæни лæппу».

10Зæгъæм ма ноджыдæр: Ревеккæйæн иу
афон райгуырди дыууæ лæппуйы — нæ фы-
дæл Исаакæй. 11Гуыргæ дæр нæма ракодтой,
хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр ницыма
сарæзтой, афтæмæй Хуыцау Ревеккæйæн
загъта, цæмæй равдиса, цы снысан кодта,
12уый адæймаджы хъуыддæгтæй нæ, фæлæ
Йæхи фæндонæй аразгæ кæй у: «Хистæр

лæггад кæндзæни кæстæрæн». 13Сыгъдæг
Фыст зæгъы:
«Йаковы бауарзтон,
Исав та Мын æнæуынон сси».
14Уый цæуыл дзурæг у? Ау, Хуыцау раст нæ
кæны? Ницы хуызы! 15Уымæн æмæ Хуыцау
Моисейæн загъта:
«Кæмæн Мæ фæнды Мæ хорзæх раттын,
уымæн æй ратдзынæн.
Кæмæн Мæ фæнды батæригъæд
кæнын,
уымæн батæригъæд кæндзынæн».
16Уæдæ æппæт дæр аразгæ у, адæймаджы
куыд фæнды æмæ хи хъаруйæ цы кæны,
уымæй нæ, фæлæ хорзæхдæттæг Хуыцауæй.
17Хуыцау Сыгъдæг Фысты зæгъы фараонæн:
«Бæрзонд бынаты дæ Æз уымæн сæвæрдтон,
цæмæй дæ фæрцы равдисон Мæ тых æмæ
цæмæй Мæ ном айхъуыса æппæт зæххы
цъарыл». 18Уæдæ афтæ: кæмæн Æй фæнды,
уымæн ратты хорзæх æмæ схивæнд кæны,
кæй Йæ бафæнды, уыдоны.
19Исчи мæ, чи зоны, бафæрса: «Уæдæ ма нæ
цæмæй зылын кæны? Йæ уынаффæйы ных-
мæ чи æрлæудзæн?» 20Ды та чи дæ, адæймаг,
æмæ Хуыцауимæ быцæу кæнай? Мигæнæн
йе скæнæгæн, мыййаг, зæгъдзæн: «Афтæ мæ
цæмæн скодтай?» 21Дурынгæнæгæн æлыгыл
йæ бар нæ цæуы, æви, цæмæй иу æлыгæй
иу мигæнæн кадджын хъуыддагæн скæна,
иннæ та — иударонæн?
22Афтæ Хуыцау дæр — фæндыд Æй Йæ азар
æмæ Йæ хъомыс равдисын, уæддæр тынг
фæразонæй быхста, фесæфынмæ цæттæ
чи уыд æмæ Йæ азар кæуыл хъуамæ нык-
калдтаид, уыдонæн. 23Быхста, Йæ хорзæхæй
кæй хъуамæ схайджын кодтаид æмæ кад
райсынмæ цæттæ чи уыд, уыдонæн, цæ-
мæй сын Йе стыр кад равдиса. 24Уыцы адæм
мах стæм — æрхуыдта нæ канд иудейæгтæй
нæ, фæлæ муртаттæгтæй дæр, 25пехуымпар
Осиайы чиныджы Хуыцау куыд зæгъы, афтæ:
«Мæ адæм чи нæ уыди,
уыдоны схондзынæн Мæ адæм
æмæ, кæй нæ уарзтон,
уый схондзынæн Мæ уарзон».
26«Æмæ сын афтæ загъд кæм уыд:
„Сымах Мæ адæм не стут“,
уым сын дзурдзысты: „Сымах стут
Цардæгас Хуыцауы хъæбултæ“».
27Исайа та Израилы тыххæй зæгъы: «Израи-
лы фыртты нымæц денджызы змисау куы уа,
уæд дæр сæ æрмæст чысыл къорд фервæздзæн.
28Уымæн æмæ Хуыцау Йæ тæрхон зæххыл
рахæсдзæни тагъд æмæ цæхгæрæй».
29Исайа ма ноджыдæр афтæ загъта:
«Уæларвæфсады Бардарæг ма
нæ байзæддæгтæй цасдæры куынæ
ныууагътаид,
уæд нæ Содомы хъысмæт
баййæфтаид,
Гоморрæйы æмбисонд ныл
æрцыдаид».
30Уæдæ ныр цы зæгъæм? Хуыцауы цæсты
раст уæвынмæ нæ тырныдтой муртаттæг-
тæ, фæлæ сраст сты — сæ уырнындзина-
ды фæрцы. 31Израил та тырныдта, цæмæй
Æгъдау æххæст кæныны фæрцы Хуыцауы
цæсты сраст уа, фæлæ йæ къухы нæ бафтыд.
32Цæуылнæ? Уымæн æмæ йæ зæрдæ дардта
уырнындзинадыл нæ, фæлæ хъуыддæгтыл.
Израилы адæм фæкалдысты, фæкæлæн цы
дурыл ис, ууыл, 33Сыгъдæг Фыст зæгъы:
«Мæнæ Æз Сионы æвæрын Дур —
æмæ Йыл фæкæлдзысты,
Къæдзæх — æмæ сын цæлхдур
суыдзæн.
Фæлæ Йыл чи æууæнды,
уый нæ фегад уыдзæни».

10 Æфсымæртæ, мæ зæрдæйы фæндиаг у,
цæмæй израилæгтæ фервæзой — уый тых-
хæй æз кувын Хуыцаумæ.
2Хуыцауыл æнувыд кæй сты, уымæн æз
мæхæдæг дæн æвдисæн, фæлæ сын зонын-
дзинæдтæ нæ фаг кæны. 3Уыдон нæ зыдтой,
Хуыцау адæймаджы куыд раст кæны, уый
æмæ архайдтой сæхи сраст кæнынæн сæхи
фæндаг ссарыныл, æмæ уымæ гæсгæ нæ ба-
састысты Хуыцауы рæстадæн. 4Чырысти та
кæрон скодта Æгъдауæн, цæмæй алы уырнæг
дæр Хуыцауы раз сраст уа.
5Æгъдаумæ гæсгæ адæймаг куыд сраст
вæййы, уый тыххæй Моисей афтæ фыссы:
«Чи йæ æххæст кæна, уый цæрдзæни йæ фæр-
цы». 6Уырнындзинады фæрцы та адæймаг
куыд сраст вæййы, уый тыххæй Сыгъдæг
Фыст зæгъы: «Дæхи макуы бафæрс: „Уæларв-
мæ чи ссæудзæн?“» (ома Чырыстийы зæх-
мæ æркæнынмæ). 7«Кæнæ: „Чи ныххиздзæн
дæлдзæхмæ?“» (ома Чырыстийы мæрдтæй
растын кæнынмæ). 8Сыгъдæг Фыст мæнæ
цы зæгъы:
«Хуыцауы Дзырд дæм хæстæг у,
дæ дæлæвзаг æмæ дæ зæрдæйы рæ-
бын ис».
Уый у, уырнындзинады тыххæй мах кæй
хъусын кæнæм, уыцы ныхас: 9Йесо Бардарæг
кæй у, уый тыххæй æргомæй куы дзурай,
æмæ Йæ Хуыцау мæрдтæй кæй райгас кодта,

уыл зæрдæйæ куы æууæндай, уæд фер-
вæздзынæ. 10Уымæн æмæ, уырнындзинад
йæ зæрдæйæ кæмæн цæуы, уый схайджын
вæййы рæстадæй, æмæ йыл æргомæй чи
дзуры, уый ирвæзындзинад райсдзæн.
11Сыгъдæг Фыст зæгъы: «Чидæриддæр
Ыл æууæнды, уый нæ фегад уыдзæн». 12Ам
иудейаг æмæ муртаттаг сæ кæрæдзийæ ни-
цæмæй хицæн кæнынц — дыууæтæн дæр иу
Бардарæг ис, æмæ рæдауæй дæтты, Йæ ном
Ын чидæриддæр ссара, уыдонæн. 13Уымæн
æмæ «Бардарæджы ном чидæриддæр ссара,
уый фервæздзæн».
14Фæлæ Кæуыл нæ баууæндыдысты, Уый
ном куыд ссарой? Кæй тыххæй нæ фехъуыс-
той, Ууыл куыд баууæндой? Куыд фехъусой,
куы ничи сын хъусын кæна, уæд? 15Æмæ ку-
ыд фехъусын кæной, куынæ сæ арвыстæуа,
уæд? Сыгъдæг Фыст зæгъы: «Куыд рæсугъд,
куыд аив сты йæ къахдзæфтæ, Фарны Уац чи
хæссы, уымæн!» 16Фæлæ се ’ппæт Фарны Уа-
цыл нæ баууæндыдысты. Уый тыххæй Исайа
зæгъы: «Дунедарæг, махæй цы фехъуыстой,
ууыл чи баууæндыд?»
17Уæдæ уырнындзинад у фехъусынæй,
хъусгæ та хъуамæ Хуыцауы ныхас фæкæнай.
18Фæлæ фæрсын: нæ йæ фехъуыстой? Кæй
зæгъын æй хъæуы, фехъуыстой. Сыгъдæг
Фыст зæгъы:

«Æппæт зæххыл азæлы сæ хъæлæс,
æмæ сæ ныхас айхъуысти
дунейы иу кæронæй иннæмæ».

19Ноджы ма фæрсын: Израил уый нæ зыд-
та? Фыццаг æй Моисей куы зæгъы:

«Æз афтæ бакæндзынæн,
æмæ хæлæг кæндзыстут,
адæм схонæн дæр кæмæн нæй,
уыдонмæ;
æнæзонд адæммæ мæстæй
судздзыстут».

20Исайа та ныфсджындæрæй зæгъы:

«Чи Мæ нæ агуырдта, уыдон Мæ
ссардтой;
Æз раргом дæн,
чи Мæм нæ тырныдта, уыдонмæ».

21Израилы тыххæй та зæгъы: «Алы бон дæр,
мæ цæнгтæ сæм даргæйæ, сидтæн æгоммæ-
гæс æмæ хивæнд адæммæ».

**11** Уæдæ уæ фæрсын: ау, Хуыцау ныууагъта
Йæ адæмы? Ницы хуызы! Æз мæхæдæг дæр
израилаг дæн, Авраамы байзæддаг, Бени-
амины хæдзарвæндагæй. 2Хуыцау рага-
гъоммæ кæй базыдта, Йæ уыцы адæмы нæ
ныууагъта. Куы йæ зонут Сыгъдæг Фыстæй,
Илийа израилæгтыл Хуыцаумæ куыд бахъаст
кодта, уый: 3«Дунедарæг, Дæ пехуымпарты
Дын амардтой, Дæ нывондхæссæнтæ Дын
ныппырх кодтой; иунæг æз ма баззадтæн,
æмæ мæн дæр амарынмæ хъавынц». 4Цы
дзуапп ын радта Хуыцау? «Æз Мæхицæн
ныууагътон, Баалы раз сæ зонгуытыл чи
не ’рлæууыд, уыцы авд мин адæймаджы».
5Афтæ ныр дæр — ис, Хуыцау Йæ хорзæхмæ
гæсгæ кæй сæвзæрста, ахæм адæм. 6Æмæ сæ
Хуыцау кæд Йæ хорзæхмæ гæсгæ сæвзæрста,
уæд сæ хъуыддæгтæ нымад не сты, науæд
хорзæх нал уаид хорзæх.
7Уæдæ цы зæгъæн ис? Израил цæмæ тыр-
ныдта, уый нæ райста. Æвзæрстытæ йæ райс-
той, иннæтæн та сæ зæрдæтæ ныддур сты,
8Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ:

«Хуыцау сæ скодта æнæмбаргæ,
æмæ абоны онг дæр
цæстæй нæ уынынц
æмæ хъусæй нæ хъусынц».

9Давид та зæгъы:

«Сæ минасы фынгтæ сын фестæнт
ахсæн хызтæ æмæ къæппæг,
уадз æмæ дзы бахауой
æмæ сын сæ хъуыддæгтæм гæсгæ
бафыстæуа.
10Баталынг уæд сæ цæстырухс,
цæмæй ма уыной,
сæ фæсонтæ ныггуыбыр уæнт
мыггагмæ».

11Фæрсын: ау, израилæгтæ афтæ фæкал-
дысты, æмæ мауал сыстой? Ницы хуызы!
Фæлæ сæ фæкалд ирвæзындзинад æрхаста
муртаттæгтæн, цæмæй сæм израилæгтæ
хæлæг кæной. 12Кæд израилæгтæ, кæй фæ-
калдысты, уымæй æрхастой хъæздыгад ду-
нейæн, кæд сæ мæгуырдзинад схъæздыг
кодта муртаттæгты, уæд, се ’ппæт Хуыцаумæ
куы раздæхой, уый фæстæ уагæры цас æмæ
цас хорзæх æрхæсдзысты!
13Сымахæн, муртаттæгтæн, зæгъын: куыд
муртаттæгты апостол, афтæ æз буц дæн,
мæ бæрны цы куыст ис, уымæй. 14Уыцы
куысты фæрцы кæд мæ бон бауид, мæ туг,
ме стæг чи у, уыдоны муртаттæгтæм хæлæ-
гыл бафтауын æмæ дзы уæд та иуæй-иуты
фервæзын кæнын. 15Кæд, Хуыцау сыл Йæ-
хи кæй атигъ кодта, уый фæрцы æгас дуне
Хуыцауимæ бафидыдта, уæд сæм Хуыцау
ногæй Йе ’ргом куы раздаха, уæд уый та цы
уыдзæн? Мæрдтæй райгас нæ уыдзæн, æви?
16Кæд хоры сæрæн йæ фыццаг дзул Хуыца-
уы у, уæд дзултæ иууылдæр Хуыцауы сты.
Кæд уидаг Хуыцауы у, уæд къалиутæ дæр

Хуыцауы сты. 17Кæд къалиутæй иуæй-иутæ
асастысты, дæу та, хъæддаг оливæ бæлас,
сæ бынаты бафтыдæуыд æмæ сой цъирыс
бæласы уидагæй, 18уæд иннæ къалиутæм
сæрбæрзондæй ма кæс. Кæд сæм уæлейæ
дæлæмæ кæсыс, уæд та дæ рох ма уæд: уи-
дагыл ды нæ хæцыс — уидаг хæцы дæуыл.
19Ды зæгъдзынæ: «Къалиутæ уымæн асас-
тысты, цæмæй мæн сæ бынаты бафтыдæуа».
20Афтæ у. Уыдон асастысты, уырнындзинад
сæм кæй нæ уыди, уый тыххæй, ды та дæ
уырнындзинады фæрцы фидар дæ. Æмæ
сæрыстыр ма у, фæлæ дæм тас уæд. 21Хуыцау
æрдзон къалиутыл кæм нæ бацауæрста, уым
дæуыл бацауæрддзæн? 22Дæ зæрдыл дар:
Хуыцау фæлмæн дæр у æмæ карз дæр у. Чи
Йæ ныуугъта, уыдонæн карз у, дæуæн та —
фæлмæн, Йæ хорзæхыл Ын куы хæцай, уæд.
Науæд дæу дæр акъуырдзæн. 23Фæлæ уыдон
дæр хивæнд куынæ уой æмæ куы бауæндой,
уæд та сæ бафтыдæуыдзæн, уымæн æмæ
Хуыцауæн Йæ бон у бæласыл сæ ногæй баф-
тауын. 24Кæд дæу хъæддаг оливæ бæласæй
акъуырдæуыд æмæ, æрдзы куыд нæ вæййы,
афтæ дæ бафтыдæуыд дыргъдоны оливæ
бæласыл, уæд йæ æрдзон къалиутæ та цас
хуыздæр бафтдзысты сæхи оливæ бæласыл!
25Фæнды мæ, æфсымæртæ, сымахæн ацы
сусæгдзинад раргом кæнын, цæмæй уæ-
хицæй ма ныббуц уат: Израилы иу хай нæ
басæтдзæн, цалынмæ муртаттæгтæй, цас
æмбæлы, уый бæрц Хуыцаумæ æрцæуа, уæд-
мæ. 26Æмæ уæд æгас Израил фервæздзæн,
Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ:

«Сионæй æрцæудзæн Ирвæзынгæнæг
æмæ Йаковы байзæддæгты
суæгъд кæндзæн сæ фыдракæндтæй.
27 Æмæ афтæмæй Æз семæ
сфидар кæндзынæн Мæ Фидыд,
сæ тæригъæдтæй сæ
куы ссыгъдæг кæнон, уæд».

28Фарны Уацыл кæй не 'ууæндынц, уымæ
гæсгæ Хуыцауы знæгтæ сты, æмæ уый уæ пай-
дайæн у. Фæлæ уыдон æвзæрст адæм сты, æмæ
сæ Хуыцау уарзы сæ рагфыдæлты тыххæй.
29Хуыцауы лæвæрттæ æмæ сидт æнæивгæ сты.
30Сымах, муртаттæгтæ, кæддæр Хуыца-
уы коммæ нæ кастыстут, фæлæ уын уыдо-
ны æнæбасæттоны тыххæй ныр уый барст
æрцыд, 31афтæ уыдон дæр: сымахæн кæй
ныббарстæуыд, уый тыххæй сты абон æнæ-
сæттон, цæмæй сæхицæн дæр барст æрцæуа.
32Уымæн æмæ Хуыцау æппæт адæмы хи-
вæнддзинадæн уацайрæгтæ скодта, цæмæй
ныббара се 'ппæтæн дæр.

33Куыд æвидигæ сты Хуыцауы хъæздыгад,
уæлзонд æмæ зонындзинæдтæ! Кæй зонд
аххæсдзæн Йæ уынаффæтыл, æмæ Йын чи
раиртасдзæн Йæ хъуыддæгтæ!

34 «Дунедарæджы зонд чи базыдта?
Чи Йын уыди уынаффæгæнæг?
35 Кæнæ Хуыцауæн чи цы радта,
цæмæй йын æй Хуыцау фæстæмæ
бафида?»

36Уымæн æмæ æппæт дæр Хуыцау сфæл-
дыста, æппæт дæр цæры Йæ фæрцы æмæ
Уымæн. Кад Ын уæд мыггагмæ! Аммен.

**12** Хуыцау уæ кæй уарзы, уый тыххæй уæ
курын, æфсымæртæ: уæхи Йын æрхæссут
удæгас, сыгъдæг æмæ фæндиаг нывондæн.
Уый уыдзæн, зæрдæйæ чи цæуы, уæ уыцы
куыст Хуыцауæн. 2Ацы дунейы æгъдæуттæ
ма фæзмут; уадз æмæ ног кæна уæ зонд æмæ
ива уæ зæрдæ. Æмæ уæд уæ бон уыдзæн Ху-
ыцауы фæндон зонын — Хуыцауæн æхцон
цы у, хорз цы у æмæ алцæмæй дæр æххæст
цы у, уый.
3Хуыцау мын Йæ хорзæх кæй радта, уымæ
гæсгæ уæ алкæмæн дæр зæгъын: цы стут,
уæхицæй уымæй фылдæр æнхъæл ма ут,
фæлæ уæ алкæмæн дæр Хуыцау уырнындзи-
над цас радта, уымæ гæсгæ раст аргъ кæнут
уæхицæн. 4Зæгъæм, иу буарæн бирæ уæнгтæ
куыд ис æмæ сæ нысаниуæг æмхуызон куыд
нæу, 5афтæ мах дæр, бирæ адæм, Чырысти-
имæ иу буар стæм, хицæнтæй та — иу буары
алы уæнгтæ. 6Хуыцауы хорзæхы фæрцы нæм
алыхуызон курдиаттæ ис. Пехуымпарады
курдиат кæмæ ис — пехуымпариуæг кæнæд
уырнындзинадмæ гæсгæ; 7лæггадгæнæ-
джы курдиат кæмæ ис — лæггад кæнæд;
ахуыргæнæг чи у — ахуыр кæнæд иннæты;
8ныфсдæттæг чи у — ныфс æвæрæд; исты
дæттыс — дætt æй сыгъдæгзæрдæйæ; хис-
тæр чи у — хистæриуæг кæнæд зæрдиагæй;
хæрзгæнæг чи у — хорз кæнæд зæрдæрухсæй.
9Уæ уарзт уæд æнæхин, фыдæх уын уæд
æнæуынон, хорздзинад саразынмæ тырнут.
10Æфсымæртау кæрæдзийы зæрдæбынæй
уарзут; иу иннæйы нымайæд йæхицæй уæл-
дæрыл. 11Зæрдиагæй лæггад кæнут Хуыцауæн,
уæ удæй арт цæгъдут. 12Уæ ныфс уын цины
хос уæд; зынтæн фæразут, æвæллайгæ кувут.
13Цы уæм ис, уымæй хай кæнут уе 'мдин æф-
сымæртæн, исты хъуаг куы уой, уæд; уазæгыл
уæхи ма тигъ кæнут. 14Уе 'фхæрджыты æл-
гъитгæ ма кæнут, фæлæ сын хорзæх курут Ху-
ыцауæй. 15Цин кæнут, цин чи кæны, уыдони-
мæ æмæ кæут, чи кæуы, уыдонимæ. 16Цæрут

æмзæрдæйæ. Схъæл ма ут; сæрныллæгæй чи
цæры, уыдоны дæр уæ сæрмæ хæссут. Уæхи
цæсты æгæр бæрзонд ма ут. 17Йæ фыдæх
фыдæхæй макæмæн фидут. Æппæт адæмы
цæсты хорз цы у, архайут уый кæныныл.
18Кæд уæ бон у, уæд алкæимæ дæр цæрут
хæларæй. 19Уæ маст макæмæй исут, мæ уар-
зон хæлæрттæ, фæлæ йæ бакæнут Хуыцауы
фыдæхы æвджид. Уымæн æмæ Дунедарæг
Сыгъдæг Фысты зæгъы: «Мæ бар уадзут маст
исын, Æз аккаг фæуыдзынæн». 20Уæдæ «кæд
де знаг æххормаг у, уæд æй бафсад; кæд ын
дойны у, уæд ын дон ратт. Афтæ куы кæнай,
уæд æй æфсармы баппардзынæ». 21Фыдæхæн
сæттын ма баком, фæлæ йыл, хорздзинад
кæнгæйæ, уæлахиз кæн.

**13** Алы адæймаг дæр уæлдæр хицæуттæн
коммæгæс уæд, уымæн æмæ хицаудзинад
кæддæриддæр Хуыцауæй лæвæрд у, æмæ,
цы хицауæдтæ ис, уыдон иууылдæр Хуы-
цауы æвæрд сты. 2Уымæ гæсгæ хицауадмæ
ныхмæ лæууæг Хуыцауы уагæвæрды ныхмæ
цæуы. Ахæмтæ сæхæдæг сæхи тæрхойнаг
фæкæндзысты. 3Хицæуттæй тæссаг у, хорз
хъуыддæгтæ чи аразы, уыдонæн нæ, фæ-
лæ, æвзæр хъуыддæгтæ чи аразы, уыдонæн.
Фæнды дæ, цæмæй хицауадæй ма тæрсай,
уый? Араз хорз хъуыддæгтæ, æмæ дæ хи-
цауад разы уыдзæн. 4Уымæн æмæ хицау
Хуыцауы кусæг у æмæ дæ фарнæн кусы. Кæд
æвзæр митæ кæныс, уæд дзы тæрс — цирхъ
дзæгъæлы нæ дары, уымæн æмæ Хуыцауы
кусæг у æмæ æфхæры, æвзæр митæ чи кæны,
уыдоны. 5Уæдæ коммæ кæсын хъæуы канд
æфхæрд баййафыны тасæй нæ, фæлæ æф-
сæрмæй дæр. 6Сæ хæстæ æххæст кæнгæйæ,
хицæуттæ Хуыцауæн кæй лæггад кæнынц,
сымах хъалон дæр уымæ гæсгæ фидут. 7Уæ-
дæ, кæмæн цы æмбæлы, уый йын дæттут:
хъалон кæмæн æмбæлы, уымæн — хъалон,
фиддон кæмæн æмбæлы, уымæн — фиддон,
нымайын кæй æмбæлы, уый нымайут, кад
кæмæн æмбæлы, уымæн кæнут кад.
8Кæрæдзийы уарзынæй дарддæр макæ-
мæй мацы хæс дарут. Уымæн æмæ, иннæйы
чи уарзы, уый Æгъдау сæххæст кодта. 9«Ма
хæт», «Ма амар», «Ма дав», [«Мæнгæвдисæн
ма ныллæуу»], «Дæу цы нæу, уымæ ма ба-
бæлл», — уыцы фæдзæхстытæн дæр æмæ
иннæтæн дæр сæ мидис мæнæ ацы ныхæс-
ты ис: «Дæхи куыд уарзыс, дæ хионы дæр
афтæ уарз». 10Уарзондзинад искæй хъыджы
нæ цæуы. Уымæ гæсгæ уарзын нысан кæны
Æгъдау æххæст кæнын.
11Ныридæгæн махæн нæ фынæйæ рай-
хъалы афон кæй ралæууыд, уый дæр уын
зындгонд у. Уымæн æмæ нæм, куы бауæн-
дыдыстæм, уæдæй ныр ирвæзындзинад
æввахсдæр у. 12Æхсæв фæивгъуыйы, бон та
æрбахæстæг ис. Уæдæ ныууадзæм талынджы
хъуыддæгтæ æмæ нæхи сифтонг кæнæм рух-
сы хотыхтæй. 13Боны рухсмæ куыд æмбæлы,
афтæ хæдæфсармæй цæрæм. Ма бафтæм
фыднозт æмæ æнæуаг митыл, хæтын æмæ
æлгъаг хъуыддæгтыл, быцæутæ æмæ хæ-
лæгыл. 14Бардарæг Йесо Чырысти суæд уæ
хотых, цæмæй уæ тæригъæдджын æрдзы-
хъæды æмæ йæ монцты фæдыл ма цæуат.

**14** Йæ уырнындзинад лæмæгъ кæмæн у,
ууыл уæхи ма тигъ кæнут, æмæ уæм иу хъуы-
ды кæй нæй, уый тыххæй йемæ быцæуыл ма
ныллæуут. 2Иуæн йæ уырнындзинад дæтты
алцы хæрыны бар дæр, лæмæгъ та айдагъ
халсартæ хæры. 3Чи хæры, уый æнæвввæр-
сон ма уæд, чи нæ хæры, ууыл; чи нæ хæры,
уый тæрхонгæнæг ма уæд, чи хæры, уымæн:
Хуыцау дзы Йæхицæн хъæбул загъта. 4Ды чи
дæ, æмæ искæй цагъарæн тæрхон кæнай?
Йæ къæхтыл лæууы æви ахауд — уый йын
йæ Хицау равзардзæн. Уæддæр слæудзæн,
уымæн æмæ Хуыцауæн Йæ бон у уый йæ
къахыл слæууын кæнын.
5Чидæр иу бон иннæ бонæй ахсджиагдæ-
рыл нымайы, иннæмæн та бонтæ æмхуызон
сты. Уадз æмæ алчидæр иузæрдионæй баз-
зайæд, цæуыл æууæнды, ууыл.
6Иу бон иннæмæй ахсджиагдæрыл чи ны-
майы, уый йæ Бардарæджы кадæн нымайы.
[Иу бон иннæмæй ахсджиагдæрыл чи нæ
нымайы, уый йæ Бардарæджы кадæн нæ
нымайы.] Чи хæры, уый Бардарæджы кадæн
хæры, уымæн æмæ арфæ кæны Хуыцауæн.
Чи нæ хæры, уый Бардарæджы кадæн нæ
хæры, æмæ арфæ кæны Хуыцауæн. 7Махæй
йæхицæн ничи цæры æмæ йæхицæн ничи
мæлы. 8Кæд цæрæм, уæд Бардарæгæн цæ-
рæм, кæд мæлæм, уæд Бардарæгæн мæлæм.
Уæдæ цæргæ æви мæлгæ кæнæм — кæддæ-
риддæр Бардарæджы стæм. 9Уымæн æмæ
Чырысти дæр уый тыххæй амард æмæ райгас
ис, цæмæй мæрдтæн дæр æмæ удæгæстæн
дæр сæ Бардарæг уа. 10Ды та цæмæн тæрхон
кæныс де ’фсымæрæн? Æмæ ды дæр цæмæн
дæлдæр кæныс де ’фсымæры? Не ’ппæт дæр
Хуыцауы тæрхоны раз æрлæудзыстæм.
11Уымæн æмæ Сыгъдæг Фысты загъдæуы:
«Æз цардæгас дæн, — зæгъы
Дунедарæг, —

Мæ разы æрзоныг кæндзæн
алы адæймаг дæр,
æмæ алы æвзаг дæр стаудзæни
Хуыцауы».
12Уæдæ махæй алчидæр Хуыцауы раз дзу-
апп ратдзæн йæхи тыххæй.
13Уæдæ кæрæдзийæн тæрхон мауал кæ-
нæм. Уый нæ, фæлæ архайут, цæмæй уе
'фсымæр уæ аххосæй ма фæкæла æмæ тæ-
ригъæды ма бацæуа. 14Бардарæг Йесоимæ
кæй дæн, уымæ гæсгæ æз зонын æмæ фи-
дарæй æууæндын, зæххыл чъизи хойраг
кæй нæй, ууыл; исчи чъизийыл цы нымайы,
уый æрмæст уымæн у чъизи. 15Фæлæ кæд,
де 'фсымæрæн, цыдæр хойраг кæй хæрыс,
уый хъыг у, уæд, уарзондзинад куыд домы,
уымæ гæсгæ нæ цæрыс. Уæдæ дæ хойрагæй,
Чырысти кæй тыххæй амард, уыцы æфсы-
мæры ма саф.
16Архайут, цæмæй, сымах хорзыл цы ны-
майут, уый мачи бафауа. 17Уымæн æмæ Ху-
ыцауы Паддзахад хæрын æмæ нуазыныл
нæу. Рæстæй цæрын, Сыгъдæг Уд кæй дæтты,
уыцы фарн æмæ цин — Хуыцауы Паддзахад
уый у. 18Йæ ахæм цардæй Чырыстийæн чи
лæггад кæны, уый æлхæны Хуыцауы зæрдæ,
æмæ дзы адæм дæр сты райгонд.
19Уæдæ тырндзыстæм, фарн цы хæссы
æмæ нын кæрæдзийы фидар кæнынæн ахъаз
цы у, уымæ. 20Хойраджы тыххæй Хуыцауы
хъуыддаг ма хал. Алы хойраг дæр сыгъдæг у,
фæлæ хойраджы тыххæй искæй чи фæкæлын
кæны, уый æвзæрдзинад аразы. 21Фæлтау
дзидза дæр ма хæр, сæн дæр ма нуаз æмæ,
де 'фсымæр цæуыл фæкæла, ахæмæй дæр
мацы кæн. 22Тæхудиаг у, фидарæй цæуыл
æууæнды, уый чи кæны, ахæм адæймаг.
23Исты хæры, фæлæ уыцы рæстæг, хæрын
ын æй фæччы æви нæ, ууыл дызæрдыг чи
кæны, уый та ныридæгæн тæрхонгонд у,
уымæн æмæ уырныдзинадмæ гæсгæ нæ
архайы. Уырныдзинадмæ гæсгæ цы нæ уа,
уый та нысан кæны тæригъæды бацæуын.
24Кад Хуыцауæн! Йæ бон у сымахæн хъару
раттын; ууыл дзурæг у, Йесо Чырыстийы
тыххæй æз кæй хъусын кæнын, уыцы Фар-
ны Уац. Уым æргом кæны Хуыцауы сусæг
фæнд — уый æнусты дæргъы æмбæхст уыди,
25ныр та раргом ис. Мыггагмæйы Хуыцауы
фæндонæй уыцы сусæгдзинад пехуымпарты
фыстыты фæрцы хъуыстгонд æрцыди æппæт
адæмтæн, цæмæй бауæндой æмæ кæсын
райдайой Хуыцауы коммæ.
26Иунæг Æппæтзонæг Хуыцауæн Йесо Чы-
рыстийы фæрцы кад уæд æнустæм. Аммен.

**15** Мах, йæ уырныдзинад тыхджын кæ-
мæн у, уыдон хъуамæ æрмæст нæхи кой ма
кæнæм, фæлæ æнæбонтæн æххуыс кæнæм
сæ лæмæгъдзинæдты уаргъ хæссын. 2Алчи-
дæр нæ хъуамæ хъуыды кæна, йе 'фсымæ-
ры монон рæзт æмæ уырныдзинад фидар
кæнынæн ахъаз цы у, уый тыххæй. 3Уымæн
æмæ Чырысти дæр Йæхи мæт нæ кодта. Уы-
мæ гæсгæ зæгъы Сыгъдæг Фыст: «Дæу чи
æлгъыста, уыдоны æлгъыстытæ Мæныл
æрцыдысты».
4Сыгъдæг Фыст цыдæриддæр зæгъы, уый
ныффыстæуыд махæн зонд амонынæн —
дæтты нын фæразондзинад æмæ æхсар, цæ-
мæй нæ ныфс уа фидар. 5Фæразондзинад
æмæ æхсар дæттæг Хуыцау уын раттæд иумæ
æмзондæй фæцæрыны хорзæх, 6цæмæй,
Йесо Чырыстийы фæзмгæйæ, æмзæрдæйæ
æмæ æмдзыхæй стауат Хуыцауы, нæ Барда-
рæг Йесо Чырыстийы Фыды.
7Чырысти сымахыл куыд æнувыд у, афтæ
æнувыд ут сымах дæр кæрæдзиуыл Хуыцауы
кадæн. 8Зæгъын уын, Хуыцау Йæ дзырд кæй
нæ сайы, уый равдисыны тыххæй Чырысти
сунæтгæндтæн сси лæггадгæнæг, цæмæй
сæххæст кæна, Хуыцау сын сæ рагфыдæл-
тæн зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый 9æмæ
муртаттæгтæ стауой Хуыцауы Йæ хорзæхы
тыххæй, Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ:
«Уый тыххæй стаудзынæн Дæу
муртаттæгты æхсæн,
Дæуыл уыдзысты мæ зарджытæ».
10Æмæ ма ноджы у загъд:
«Цин кæнут Хуыцауы адæмимæ,
муртаттæгтæ».
11Æмæ ма ноджыдæр:
«Стаут Дунедарæджы, æппæт
муртаттæгтæ,
кад Ын кæнæнт æппæт адæмтæ».
12Исайа дæр зæгъы:
«Фæзындзæн Йессейы Æвзар
æмæ адæмтæн хицауиуæг кæндзæн;
адæмтæ Йыл дардзысты сæ зæрдæ».
13Ныфс Чи дæтты, уыцы Хуыцау уын уыр-
ныдзинады фæрцы раттæд цин æмæ фарн,
цæмæй Сыгъдæг Уды хъаруйæ уæ ныфс кæна
фидарæй-фидардæр.
14Дызæрдыг нæ кæнын, ме 'фсымæртæ,
алы хорз миниуæг æмæ зонынадæй æххæст
кæй стут æмæ уæ бон кæй у кæрæдзийы аху-
ыр кæнын. 15Фæлæ уæм уæддæр мæ ныфс
бахастон ныффыссын, цæмæй уæ зæрдыл
лæууой мæ ныхæстæ. Æз уый бакодтон, Ху-
ыцауæй мын цы хорзæх лæвæрд ис, уымæ
гæсгæ — 16Хуыцау мын бафæдзæхста, цæмæй

муртаттæгтæн уазлæггад кæнон Йесо Чы-
рыстийы номæй æмæ сын хъусын кæнон
Хуыцауы Фарны Уац, цæмæй муртаттæгтæ
суой, Сыгъдæг Уд кæй ссыгъдæг кодта, ахæм
фæндиаг цардæгас нывонд.
17Уæдæ Йесо Чырыстиимæ иудзинады фæр-
цы мæ бон раппæлын у, Хуыцауы номыл цы
уазлæггад кæнын, уымæй. 18Цæмæй мур-
таттæгтæ Хуыцауы коммæ кæсын райдайой,
уый тыххæй Чырысти мæ фæрцы цы сарæзта,
уымæй уæлдай мæ ныфс ницæй тыххæй зæ-
гъынмæ хæссын. Чырысти уыдæттæ сæххæст
кодта ныхас æмæ хъуыддагæй, 19æвдисæйнæг-
тæ æмæ диссæгтæй, Сыгъдæг Уды хъаруйæ.
Афтæмæй Чырыстийы Фарны Уац æз айхъу-
ысын кодтон Йерусалимæй суанг Иллирикмæ.
20Æз архайдтон, Чырыстийы кæм нæ зыдтой,
Фарны Уац уым хъусын кæныныл, цæмæй
кæйдæр арæзт бындурыл ма амайон, 21фæлæ,
Сыгъдæг Фыст цы зæгъы, уый сæххæст кæнон:

«Кæмæн нæ загъдæуыд Уый тыххæй,
уыдон фендзысты,
æмæ, чи нæ фехъуыста,
уыдон базондзысты».

22Гъе, уыдæтты аххосæй мын нæ бантыст,
кæд бирæ хæттыты хъавыдтæн, уæддæр
нырмæ сымахмæ æрцæуын. 23Уыцы рæт-
ты ныр æз мæ куыст ахицæн кодтон æмæ,
бирæ азты дæргъы сымахмæ цæуынмæ кæй
бæллыдтæн, 24уымæ гæсгæ, Испанимæ цæу-
гæйæ, сымах фенынмæ дæр фездæхдзынæн
æмæ уæм иу цасдæр афæстиат уыдзынæн.
Стæй мын, дызæрдыг нæ кæнын, сымах
баххуыс кæндзыстут мæ фæндагыл дарддæр
ацæуынмæ. 25Ныр та цæуын Йерусалиммæ,
сыгъдæджытæн уазлæггад кæнынмæ. 26Уы-
мæн æмæ Македони æмæ Ахайы уырнджыты
бафæндыд, Йерусалимы сыгъдæджытæй
мæгуыр чи у, уыдонæн баххуыс кæнын. 27Ба-
фæндыди сæ, стæй сæ хæсджын дæр сты.
Уымæн æмæ, иугæр муртаттæгтæ схайджын
сты чырыстон иудейæгты монон исбонæй,
уæд сын хъуамæ уыдон дæр сæ зæххон хъу-
æгтæ баххæст кæнынмæ феххуыс кæной.
28Æз уый куы саразон æмæ, цы æрæмбырд
ис, уый сæм мæхæдæг куы фæхæццæ кæнон,
уæд Испанимæ мæ фæндаг сараздзынæн сы-
мах уылты. 29Уый зонын, æмæ уыл куы сæм-
бæлон, уæд уын мемæ кæй æрхæсдзынæн
Чырыстийы æнæкæрон зæрдæбын арфæтæ.
30Æфсымæртæ, нæ Бардарæг Йесо Чырыс-
тийы хатырæй æмæ, Сыгъдæг Уд кæй дæтты,
уыцы уарзты хатырæй курын сымахæй: зæр-
диагæй мын кувут Хуыцаумæ, 31цæмæй мæ
Иудейы æнæуырнджытæй бахиза, Йерусали-
мы сыгъдæджытæ та мын ме 'ххуысил æх-
сызгонæй сæмбæлой. 32Æмæ уæм, Хуыцауы
фæндæй, уæд зæрдæрухсæй фæзындзынæн,
æмæ мæ уд æрулæфдзæн уемæ.
33Фарндæттæг Хуыцау уæд уе 'ппæтимæ
дæр. Аммен.

**16** Базонгæ ут нæ хо Фивæимæ, Кенхрейы
аргъуаны уазлæггадгæнæгимæ. 2Сыгъдæ-
джытæн куыд æмбæлы, афтæ йыл баузæлут
Бардарæджы кадæн æмæ, хъуаг цæмæй æй-
йафа, уымæй йын баххуыс кæнут. Йæхæдæг
бирæтæн баххуыс кодта, уыимæ — мæнæн
дæр.
3Саламтæ — Прискиллæ æмæ Акилæйæн —
мемæ Йесо Чырыстийæн лæггадгæнджытæн.
4Уыдон мæн тыххæй нæ бавгъау кодтой сæ
цард дæр, æмæ сæ æрмæст æз нæ дæн буз-
ныг, фæлæ кæддæры муртаттæгты æппæт
аргъуантæ дæр. Саламтæ — сæ хæдзары цы
аргъуан æрæмбырд вæййы, уымæн дæр.
5Саламтæ — мæ уарзон Эпенетæн, Чырыс-
тийыл фыццаг чи бауæндыд Азийы, уы-
мæн. 6Саламтæ — сымах тыххæй уый бæрц
бафыдæбонгæнæг Мариайæн.
7Саламтæ — ахæстоны мемæ чи уыди, мæ
уыцы æмбæстæгтæ Андроник æмæ Юнийæн.
Уыдон апостолты æхсæн зындгонд сты, Чы-
рыстийыл мæнæй раздæр баууæндыдысты.
8Саламтæ — Амплиатæн, Бардарæгимæ иу-
дзинады фæрцы мæ уарзон æфсымæрæн.
9Саламтæ — Урбанæн, Чырыстиимæ иудзи-
нады не 'мкусæгæн, æмæ мæ уарзон хæлар
Стахийæн. 10Саламтæ — Чырыстийыл йæхи
æнувыдæй равдисæг Апеллесæн. Саламтæ —
Аристовулы хæдзаронтæн. 11Саламтæ — ме
'мбæстаг Иродионæн. Саламтæ — Наркиссы
чырыстон хæдзаронтæн. 12Саламтæ — Барда-
рæджы æнæзæрдæхудт кусджытæ Трифенæ
æмæ Трифосæйæн. Саламтæ — Бардарæгæн
дзæвгар чи балæггад кодта, нæ уыцы уарзон
хо Персидæйæн. 13Саламтæ — Бардарæджы
равзæрст Руфæн æмæ, мæнæн дæр мадау чи
сси, йæ уыцы мадæн. 14Саламтæ — Асинкри-
тæн, Флегонтæн, Гермесæн, Патровæн, Гер-
масæн æмæ, семæ чи ис, уыцы æфсымæртæн.
15Саламтæ — Филолог æмæ Юлиайæн, Нерей
æмæ йæ хойæн, Олимпасæн æмæ, Хуыцауы
адæмæй семæ чи ис, уыдонæй алкæмæн дæр.
16Кæрæдзийæн салам дæттут æфсымæрон
байæ. Саламтæ айсут Чырыстийы æппæт
аргъуантæй.

**15:19** Иллирик (кæнæ Иллири) – хæхбæстæ Адриатикон ден-
джызы былгæрон, скæсæнæрдыгæй; ромаг провинци.

17Курын уæ, æфсымæртæ, уæхи хизут, цæ-
уыл сахуыр стут, уыцы ахуырад чи ницæмæ
дары, афтæмæй аргъуантæ кæрæдзийæ дих
чи кæны æмæ фæкæлыны хос чи у, уыдо-
нæй — æмгæрон сæм ма цæут. 18Ахæмтæ
нæ Бардарæг Чырыстийæн нæ, фæлæ сæ
чъизи монцтæн кусынц, рæсугъд æмæ коз-
бау ныхæстæй фæливынц, æнæхин чи у,
уыдоны. 19Фарны Уацыл æнувыд кæй стут,
уый алкæмæн дæр зындгонд у, æмæ æз дæр
цин кæнын ууыл. Фæнды мæ, цæмæй сымах
хорздзинад саразынмæ уат зондджын, фыд-
дзинадмæ та уат æнæхин. 20Æмæ уын уæд
фарндæттæг Хуыцау рæхджы уæ къæхты бын
басæтдзæни сайтаны. Нæ Бардарæг Йесойы
хорзæх уæд уемæ. Аммен.

21Саламтæ уын æрвитынц ме ’мкусæг Ти-
мофей, ме ’мбæстæгтæ Лукий, Йасон æмæ
Сосипатр.

22Бардарæгимæ иудзинады фæрцы уын
зæрдиаг саламтæ æрвитын æз дæр, Павелæн
йæ ацы фыстæг чи ныффыста, уыцы Тертий.
23Салам уын æрвиты мæ фысым, æппæт ар-
гъуан кæй хæдзары æрæмбырд вæййы, уыцы
Гайос. Саламтæ уын сахары æхцафснайæг
Эрастæй æмæ не ’фсымæр Квартæй. 24Нæ
Бардарæг Йесо Чырыстийы хорзæх уæд уе
’ппæты дæр. Аммен.

# Апостол Павелы фыццаг фыстæг коринфæгтæм

Коринфы сахар уыдис Рагон Бердзены ахсджиаг культурон, политикон æмæ экономикон центр.

Павел ам фыццаг хатт Евангели амыдта йæ дыккаг миссионерон балцы рæстæг. Коринфæй куы ацыдис, уæд ног чырыстон æхсæнадимæ кæрæдзимæ арæх фыстæджытæ фыссын райдыдтой. Ацы фыстæджы размæ ма Павел арвыста, Ног Фæдзæхстмæ чи нæ бахауд, ахæм фыстæг дæр. Коринфаг æхсæнады фæзынди дзæвгар проблемæтæ: Павелы ацыды фæстæ æхсæнады уæнгтæй бирæтæ райдыдтой, чырыстонæн куыд не 'мбæлы, ахæм цардæй цæрын. Уыимæ ма чидæртæ ноджы гуырысхойаг кодтой Павелы уацамынды æцæгдзинадыл.

Фыстæджы фыццаг хайы (1–6 сæртæ) Павел фæдзæхсы чиныгкæсджытæн, цæмæй кæрæдзийы æхсæн дихтæ ма кæной, æмæ сæ аразы æууæндыны æмæ æгъдауыл цæрыны фæндагыл. Дарддæр (7:1–16:4) Павел дзуапп дæтты, коринфæгтæ йæм сæ фыстæджы цы хицæн фæрстытæ радтой, уыдонæн. Коринфæгты фæндыди базонын Павелы хъуыды хицæн фарстаты фæдыл: нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты æхсæн ахастдзинæдтæ, гуымирытæн хаст хойраджы хуын, дзулсаст, монон хорзæхтæ, буары райгас, Йерусалимы чырыстæттæн æхцайы фæрæзтæй æххуыс кæнын æмæ æнд. ах. Уæлдай ахсджиаг у 13 сæр: ам ныхас цæуы, уарзондзинадæй ахсджиагдæр Хуыцауыл æууæндæг адæймаджы царды кæй ницы ис, ууыл.

Кæронбæттæны (16:4-24) Павел дзуры йæ фæндты тыххæй æмæ салæмттæ æрвиты.

---

**1** Павелæй, Хуыцауы фæндæй Йесо Чырыстийы апостолæй, æмæ æфсымæр Сосфенæй — 2Хуыцауы аргъуанмæ Коринфы, Йесо Чырыстиимæ баиуы фæрцы Хуыцауыл фæдзæхст чи у æмæ Хуыцау Йæ сыгъдæджытæ суæвынмæ кæмæ фæсидти, уыдонмæ; стæй, алы ран дæр нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы ном чи ары, уыдонмæ се 'ппæтмæ дæр.

3Хорзæх æмæ уын фарн нæ Фыд Хуыцауæй æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.

4Æз иудадзыг арфæ кæнын мæ Хуыцауæн, Йесо Чырыстийы руаджы сымах Йæ хорзæхæй кæй схайджын кодта, уый тыххæй. 5Уымæн æмæ Йесоимæ баиуы руаджы сымах схъæздыг стут дзырд æмæ зонынады алы хæзнатæй. 6Чырыстийы тыххæй уын цы загъд уыди, уый цæры уæ зæрдæты. 7Уымæ гæсгæ, нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы æрцыдмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, иу курдиатæй дæр æнæхай не стут. 8Æмæ уæ нæ Бардарæг Йесо Чырысти сфидар кæндзæни кæронмæ, цæмæй Йе 'рцыды бон уат æназым. 9Уымæн æмæ иузæрдион у Хуыцау, Йæ Фырт æмæ нæ Бардарæг Йесо Чырыстиимæ уын бастдзинад саразыны охыл сымахмæ Чи фæсидти, Уый.

10Нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы номæй уæ курын, æфсымæртæ, цæмæй уе 'ппæт дæр кæрæдзийы æмбарат æмæ хицæнтæ ма кæнат, фæлæ уат æнгом — æмуд æмæ æмзонд.

11Уымæн æмæ æз Хлойæйы хæдзаронтæй фехъуыстон, ме 'фсымæртæ, хъаугъатæ уæм кæй рауайы, уый. 12Æз уый зæгъынмæ хъавын, æмæ сымахæй алчидæр дзуры: «Æз Павелы ахуыргæнинаг дæн», «Æз Аполлосы ахуыргæнинаг дæн», «Æз Кифæйы ахуыргæнинаг дæн», «Æз Чырыстийы ахуыргæнинаг дæн». 13Ау, Чырысти дихтæ ныцци? Æви уæ сæраппонд Павел, мыййаг, æрцыди дзуарылтыгъд? Кæнæ донаргъуыд, мыййаг, Павелы номыл райстат? 14Бузныг дæн Хуыцауæй, Крисп æмæ Гайосы йеддæмæ сымахæй кæй никæуыл саргъуыдтон, уый тыххæй. 15Афтæ никæй бон у зæгъын, æмæ мæ номыл æрцыдыстут аргъуыд. 16Саргъуыдтон ма Стефаны хæдзаронтыл дæр. Æндæр ма искæуыл саргъуыдтон, уый нæ хъуыды кæнын. 17Чырысти мæн аргъауынмæ нæ рарвыста, фæлæ Фарны Уац хъусын кæнынмæ, уыимæ — куырыхон æмæ вазыгджын æвзагæй нæ, фæлæ хуымæтæг æмæ æнцонæмбарæн ныхæстæй, цæмæй Чырыстийы дзуарæн йæ нысаниуæг ма фесæфа.

18Дзуары фæдыл уазныхас кæнын сæфты фæндагыл цæуджытæ æдылыдзинадыл

нымайынц, фæлæ махæн, фервæзыны фæн-
дагыл цæуджытæн, уый Хуыцауы тых у.
[19]Сыгъдæг Фыст дæр уымæн афтæ зæгъы:

«Зондджынтæн фесафдзынæн се стыр
зонд,
æмбаргæтæ нал æмбардзысты».

[20]Кæм ис уыцы куырыхон? Кæм ис уы-
цы динамонæг? Кæм ис ацы æнусы уыцы
арфхъуыдыгæнæг? Ау, Хуыцау, ацы дунейы
куырыхон зонд æцæгæй æдылыдзинад кæй
у, уый нæ равдыста?

[21]Хуыцау Йæ зондмæ гæсгæ куыд снысан
кодта, афтæ дуне йæхи зондæй Хуыцауы кæй
нæ базыдта, уымæ гæсгæ Хуыцауы бафæн-
дыди дзуары тыххæй «æдылы» Уацы фæрцы
уырнджыты фервæзын кæнын. [22]Уымæн
æмæ иудейæгтæ диссæгтæ домынц, бердзе-
нæгтæ зонд агурынц, [23]мах та хъусын кæнæм
дзуарылтыгъд Чырыстийы тыххæй, æмæ нæ
ныхас иудейæгтæн цæлхдур у, мурталлæгтæ
та йæ æдылыйыл нымайынц. [24]Иудейæгтæ
æмæ бердзенæгтæй Хуыцау кæмæ фæсидти,
уыдонæн та Чырысти Хуыцауы тых æмæ
Хуыцауы зонд у.

[25]Уымæн æмæ Хуыцауы «æдылыдзинад»
адæймаджы зондæй уæлдæр у, æмæ Хуыца-
уы «лæмæгъдзинад» адæймаджы хъаруйæ
хъаруджындæр у.

[26]Æркæсут-ма уæхимæ, æфсымæртæ, Хуы-
цау уæм куы фæсидти, уæд цавæр уыдыстут:
зæххон барæнтæй баргæйæ, уе 'хсæн бирæ
нæ уыди зондджынтæ, бирæ уæм нæ уыди
тыхджынтæ, бирæ уæм нæ уыди уæздæттæй.
[27]Фæлæ Хуыцау сæвзæрста, дунейы цæсты
æдылы чи у, уыдоны, цæмæй фæкъæмдзæс-
тыг кæна зондджынты, æмæ лæмæгъты —
цæмæй фæкъæмдзæстыг кæна тыхджынты.
[28]Дунейы цæсты ницæйаг, æгад æмæ æна-
хадгæ чи уыди, Хуыцау уыдоны сæвзæрста,
цæмæй ахадгæты скæна æнахадгæ, [29]æмæ
иу адæймаг дæр Хуыцауы раз йæхицæй ма
раппæла.

[30]Хуыцау уæ баиу кодта Йесо Чырыстии-
мæ — Уый махæн фестад Хуыцауæй лæвæрд
зонд, Уый нæ ссæрибар, сраст æмæ ссыгъдæг
кодта, [31]цæмæй æрцæуа, Сыгъдæг Фыст куыд
зæгъы, афтæ: «Йæхицæй чи æппæлы, уый
æппæлæд Дунедарæгæй».

**2** Æфсымæртæ, куы уæм æрцыдтæн Хуыцауы
сусæгдзинад хъусын кæнынмæ, уæд рæсугъд
ныхæстæ кæнын æмæ уæ цæсты мæхи зонд-
джынæй равдисыныл нæ архайдтон. [2]Уымæн
æмæ мæ уынаффæ уыди, цалынмæ сымах-
мæ дæн, уæдмæ Йесо Чырыстийы йеддæмæ,
уыимæ дзуарылтыгъд Йесо Чырыстийы йед-
дæмæ, ницы зонын. [3]Æз сымахмæ уыдтæн
лæмæгъæй, æнцой нæ зыдтон, аккаг куынæ
разынон, уымæй тæрсгæйæ. [4]Æмæ Фарны Уац
хъусын кодтон, адæймаджы уæлзондæй чи
райгуыры, ахæм уырнинаг ныхæсты фæрцы
нæ, фæлæ Сыгъдæг Уды хъаруимæ, [5]цæмæй
уæ уырнындзинады бындур уа адæймаджы
уæлзонд нæ, фæлæ Хуыцауы хъару.

[6]Зондыл та ахуыр кæнæм алцæмæй дæр
цæттæ уырнджыты, æрмæст ацы дунейы
зондыл, стæй, сæ кæрон кæмæн æрцæуы, а
дунейы уыцы æлдариуæггæнджыты зон-
дыл нæ, [7]фæлæ мах дзурæм Хуыцауы сусæг,
æмбæхст уæлзондыл — дуне сфæлдисыны
агъоммæ Хуыцау нæ кадæн кæй снысан
кодта, ууыл. [8]Уыцы уæлзонд а дунейы æл-
дариуæггæнджытæй иу дæр нæ базыдта. Куы
йæ базыдтаиккой, уæд кадджын Бардарæг
Йесо Чырыстийы нæ байтыгътаиккой дзу-
арыл. [9]Фæлæ, Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы:

«Цæст нæ федта, хъус нæ фехъуыста,
æмæ йæ фæсонæрхæджы дæр никæ-
мæн уыд,
чи Йæ уарзы, уыдонæн Хуыцау
цы æрцæттæ кодта, уый».

[10]Махæн та йæ Хуыцау раргом кодта Уды
руаджы; Уд та æхххæссы алцæмæ дæр, суанг
Хуыцауы уæлзонды арфмæ дæр. [11]Адæймаг-
мæ цы ис, уый адæмæй чи зоны, адæймаджы
мидæг чи цæры, уыцы моны йеддæмæ? Аф-
тæ, Хуыцаумæ цы ис, уый дæр, Хуыцауы Уды
йеддæмæ, ничи зоны. [12]Мах та схайджын
стæм ацы дунейы монæй нæ, фæлæ Хуыца-
уæй лæвæрд Удæй, цæмæй зонæм, Хуыцау
нын цы ралæвар кодта, уый.

[13]Æмæ ууыл мах дзурæм, адæймаджы
зонд нæ цы ныхæстыл сахуыр кодта, уыдо-
нæй нæ, фæлæ нын Сыгъдæг Уд цы ныхæс-
тæ бацамыдта, уыдонæй. Удæй цы цæуы,
уый æмбарын кæнæм Удæй хайджынтæн.
[14]Хуыцауы Удæй хайджын цы адæймаг нæу,
уымæ та, Хуыцауы Удæй цы цæуы, уый нæ
хъары — æнæзонд мийыл æй нымайы æмæ
йæ бамбарын нæ фæразы, уымæн æмæ уы-
дæттæн Уды руаджы аргъ кæнын хъæуы.
[15]Фæлæ Хуыцауы Удæй хайджын чи у, уый
аргъ кæны алцæмæн дæр, уымæн та аргъ
кæнын никæй бон у. [16]Уымæн æмæ

«Дунедарæджы зонд афтæ чи базыдта,
æмæ Йын уынаффæгæнæг уа?»
Махмæ та Чырыстийы зонд ис.

**3** Æмæ, æфсымæртæ, Хуыцауы Удæй хай-
джынтимæ куыд фæныхас кæнынц, мæ бон

уемæ афтæ дзурын нæ уыд. Æз уемæ дзырд-
тон тæригъæдджын мондæгтæн коммæ-
гæстимæ дзурæгау. Уымæн æмæ уæ чырыс-
тон уырнындзинадмæ гæсгæ сымах нырма
дзидзидайтæ стут. 2Æз уæ хастон æхсырæй,
хъæбæр хæринаг та уын нæ лæвæрдтон, йæ
бахæрын уæ бон кæй нæ уыди, уымæ гæсгæ;
æмæ ныртæккæ дæр нæу уæ бон йæ бахæрын,
3уымæн æмæ нырма дæр тæригъæдджын
монцты дæлбар стут. Кæд æмæ кæрæдзимæ
хæлæг кæнут, хъаугъамæ гæппæввонгæй
лæуут, уæд уый исты, уæ буары тæригъæд-
джын æрдзыхъæды дæлбар кæй стут æмæ
ацы дунейы цæрæг адæмы цардæй кæй цæ-
рут, уый нæ нысан кæны? 4Кæд уæ иу афтæ
зæгъы: «Æз Павелы ахуыргæнинаг дæн»,
иннæ та: «Æз Аполлосы ахуыргæнинаг дæн»,
уæд ацы дунейы адæмау не стут, æви? 5Чи
у Аполлос? Чи у Павел? Уыдон сты, сымах
кæй фæрцы бауæндыдыстут, æрмæстдæр
уыцы кусджытæ; æмæ сæ алчидæр саразта,
Бардарæг ын йæ бæрны цы хъуыддаг бакодта,
уый. 6Æз байтыдтон, Аполлос æй бафсæста
донæй, фæлæ хор Хуыцау радта. 7Уæдæ та-
уæгæй дæр æмæ донуадзæгæй дæр ницы
аразгæ у — æппæт дæр аразгæ у хордæттæг
Хуыцауæй. 8Тауæг æмæ донхорыггæнæг иу
хъуыддаг аразынц, æмæ алчидæр райсдзæни
йæ хæрзиуæг, цас бакуса, уымæ гæсгæ. 9Мах
Хуыцауимæ стæм æмкусджытæ, сымах та
стут Хуыцауы хуым, Хуыцауы бæстыхай.
10Хуыцау мын цы хорзæх ракодта, уый
фæрцы зондджын аразæгау æз сæвæрдтон
бындур, иннæ та уыцы бындурыл амайы.
Фæлæ алчидæр хъуамæ лæмбынæг кæса, ку-
ыд аразы, уымæ. 11Бындур æвæрд у, æмæ æн-
дæр бындур сæвæрын никæй бон у, уымæн
æмæ æвæрд бындур Йесо Чырысти у. 12Уыцы
бындурыл чи цæмæй аразы — сыгъзæринæй,
æвзистæй, зынаргъ дуртæй æви хъæдæй,
хосæй кæнæ хъæмпæй — 13алкæмæн дæр
йæ хъуыддаг рабæрæг уыдзæн, уымæн æмæ
ралæудзæн ахæм бон, æмæ алкæмæн дæр
йæ хъуыддаг бафæлвардзæн арт, æмæ арты
сбæрæг уыдзæн, цавæр ын у, уый. 14Йæ арæзт
хъуыддаг кæмæн нæ басудза, уый райсдзæни
хæрзиуæг, 15йæ хъуыддаг кæмæн басудза,
уый та баййафдзæни зиан. Æниу йæхæдæг
фервæздзæни, фæлæ — артæй раирвæзæгау.
16Сымах Хуыцауы хæдзар кæй стут æмæ
Хуыцауы Уд уæ зæрдæты кæй цæры, уый нæ
зонут, æви? 17Хуыцауы хæдзар чи фæчъизи
кæна, уый Хуыцау бафхæрдзæн, уымæн æмæ
Хуыцауы хæдзар сыгъдæг у, æмæ уыцы хæ-
дзар сымах стут.
18Йæхи уæ мачи сайæд. Кæд сымахæй
искæмæ афтæ кæсы, æмæ ацы дунейы зонд-
джын у, уæд суæд «æдылы», æмæ æцæгæй
уыдзæни зондджын. 19Уымæн æмæ ацы ду-
нейы зонд Хуыцауы цæсты æнæзонддзинад
у, Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ:
«Зондджынтæн сæ хинтæ сæхи ных-
мæ фæкæны».
20Æмæ ма ноджыдæр:
«Дунедарæг зоны, зондджынты
хъуыдытæ
мæнг кæй сты, уый».
21Уæдæ адæймаджы ма стаут, уымæн æмæ
æппæт дæр сымах у: 22Павел уа, Аполлос кæ-
нæ Кифæ, дуне уа, цард, мæлæт, абон кæнæ
фидæн — æппæт дæр сымах у; 23сымах уæхæ-
дæг — Чырыстийы, Чырысти та — Хуыцауы.

**4** Уæдæ нæ сымах хъуамæ нымайат Чы-
рыстийы кусджытыл, Хуыцау Йæ сусæгдзи-
нæдтæ кæуыл баууæндыди, уыдоныл. 2Æмæ
ахæм æууæнкæй чи фæхайджын ис, уыдо-
нæй домдæуы сæхи иузæрдионæй равдисын.
3Сымах кæнæ иннæ адæм мæнæн цы аргъ
кæнынц, уый мæ не ’ндавы. Æз мæхæдæг
дæр мæхицæн аргъгæнæг нæ дæн. 4Кæд мæ
зæрдæ мæхимæ ницæмæй æхсайы, уæддæр
уымæй мæхи нæ раст кæнын; тæрхонгæнæг
мын Бардарæг у. 5Уæдæ афонæй раздæр тæр-
хон ма кæнут, цалынмæ Бардарæг æрцæуа,
уæдмæ — Уый хурмæ рахæсдзæни талынджы
æмбæхст хъуыддæгтæ, раргом кæндзæни
зæрдæйы фæндтæ, æмæ уæд Хуыцауæй ал-
чидæр райсдзæн йæ хæрзиуæг.
6Æз цы дзырдтон, æфсымæртæ, уый уæ
сæраппонд мæхи æмæ Аполлосы тыххæй
загътон, цæмæй мах бафæзмат, фыст цы у,
уый сæрты нæ хизыныл — иу адæймагæй
сæрыстыр ма уат, иннæуыл та дæлæмæ ма
хæцат.
7Дæу уæлдæр чи æвæры? Цыдæриддæр
дæм ис, уый дын Хуыцауæй лæвæрд нæу,
æви? Æмæ дын кæд Хуыцауæй лæвæрд у, уæд
дæхицæй, цыма дæхи у, афтæ цы æппæлыс?
8Сымахмæ ныридæгæн фагæй фылдæр
ис æппæт дæр, ныридæгæн схъæздыг стут,
æнæ мах систут паддзæхтæ. Бæргæ паддза-
хиуæг æцæгæй куы кæниккат, цæмæй мах
дæр уемæ суæм паддзæхтæ! 9Фæлæ мæнмæ
афтæ кæсы, æмæ махæн, апостолтæн, Ху-
ыцау бынат снысан кодта æппæты кæро-
нæй, цыма нын адæмы цæсты раз амæлыны
тæрхон рахастæуыд, афтæ. Махыл йæ цæст
æрæвæрдта дун-дуне — зæдтæ æмæ адæм.
10Мах æнæзонд стæм Чырыстийы сæраппонд,

сымах та зондджын чырыстæттæ стут; мах
æдых стæм, сымах — тыхджын; сымах кад-
джын стут, мах — æгад. 11Абоны онг дæр ма
стонг æмæ дойны æвзарæм, бызгъуырты
цæуæм æмæ над æйийафæм, хæдзар нын
нæй, 12нæ къæбæр уæнгдыхæй амал кæнæм.
Ælгъитгæ нæ чи кæны, уыдонæн мах та Хуы-
цауæй хорзæх курæм. Æфхæрынц нæ — мах
фæразæм. 13Цъыф ныл калынц, мах та сын
фæлмæн ныхасæй дзуапп дæттæм. Быронæй
уæлдай не стæм адæмы цæсты.

14Æз уыдæттæ уый тыххæй нæ фыссын,
æмæ уæхиуыл æрхудат, фæлæ уын, уарзон
хъæбултæн амонæгау, зонд амонын. 15Кæд
уын бирæ чырыстон хъомылгæнджытæ ис,
уæддæр уын фыдæлтæ бирæ нæй — Фарны
Уац уæм кæй æрхастон, уый фæрцы Йесо
Чырыстийы хъаруйæ æз сдæн уæ ныййа-
рæг. 16Уымæ гæсгæ уæ зæрдиагæй курын:
фæзмут мæ, æз Чырыстийы куыд фæзмын,
афтæ. 17Уый тыххæй уæм арвыстон Тимо-
фейы — Бардарæгыл æнувыд чи у, мæ уыцы
уарзон хъæбулы. Уæ зæрдыл уын æрлæууын
кæндзæн, Йесо Чырыстийы мæ царды куыд
фæзмын, уый; мæ уыцы цардæвæрд у, алы
аргъуаны дæр цæуыл ахуыр кæнын, уымæ
гæсгæ.

18Сымахæй чидæртæ схъал сты — афтæ
сæм кæсы, цыма æз сымахмæ нал æрцæу-
дзынæн. 19Фæлæ кæд Хицауы бафæнда, уæд
уæм рæхджы æрцæудзынæн æмæ уыцы
хъалтæн бафæлвардзынæн сæ ныхæстæ
нæ, фæлæ сæ хъару, 20уымæн æмæ Хуыца-
уы Паддзахад ныхæстæй нæ, фæлæ хъару-
йæ у. 21Куыд уæ фæнды? Лæдзæгимæ уæм
æрцæуон æви уарзтимæ æмæ сæрниллæг
зæрдæимæ?

**5** Бæлвырдæй куыд фехъуыстон, афтæмæй
уæм æрцыди ахæм æнæуаг хъуыддаг, æмæ
суанг мыртаттæгтæм дæр никуыма уыди —
чидæр, дам, цæры йæ фыдыусимæ. 2Хъал
уæвыны бæсты сымахæн кæуын æмбæлы!
Уыцы хъуыддаг чи бакодта, уый нæ фæсырд-
тат уе ’хсæнæй. 3Æз уæм дард дæн, фæлæ
мæ зæрдæ уемæ ис æмæ, цыма æцæгдæр
уемæ дæн, афтæ бауынаффæ кодтон, ахæм
хъуыддаг бакæнæгæн цы бачындæуа, уый
тыххæй: 4Нæ Бардарæг Йесойы номыл куы
æрæмбырд уат, уæд мæ уд дæр уыдзæни уе-
мæ, æмæ уыцы фыдгæнæджы нæ Бардарæг
Йесойы хъаруйæ 5бакæнæм сайтаны бар
йæ буар ын бафхæрыны тыххæй, цæмæй
йæ уд фервæза, нæ Бардарæг тæрхон куы
кæна, уыцы Бон.

6Раппæлинагæй уæм ницы ис. Армыдзаг
æнхъизæн хыссæ æгасæй дæр кæй сæнхъи-
зын кæны, уый нæ зонут, æви? 7Уæдæ уæхи
ссыгъдæг кæнут зæронд æнхъизæнæй, цæ-
мæй фестат ног, æнæнхъизæн хыссæ. Сымах
æцæгдæр ахæмтæ стут, уымæн æмæ Чырыс-
тийы, нæ Куадзæны Уæрыччы, нывондæн
æрхастæуыд. 8Уæдæ сыгъдæгзæрдæйæ бæ-
рæг кæнæм Куадзæн, зæронд æнхъизæнимæ
нæ, хæлддзинад æмæ фыдæхы æнхъизæни-
мæ нæ, фæлæ æцæгады донгонд дзултимæ.

9Æз уæм мæ фыстæджы фыстон, хæтаг чи
у, уыдонмæ æмгæрон цæуын кæй нæ хъæуы,
уый тыххæй. 10Фæлæ зæххы цъары хæлд адæм,
кæрæфтæ, стигъджытæм, мæнгхуыцæуттæм
кувджытæ æмхуызонæй нæ уыдисты мæ
хъуыдыйы, — уæд уæ ацы дуне ныууадзын
бахъæуид. 11Æз уæм фыстон, цæмæй æмгæрон
ма цæуат, йæхи æфсымæр чи хоны, афтæмæй
та хæтаг, кæрæф, мæнгхуыцæуттæм кувæг,
цъыфкалæг, расыггæнаг кæнæ стигъæг чи у,
уымæ. Ахæмимæ иу фынгыл дæр макуы бадут.
12Æнæуырнджытæн æз цæмæн хъуамæ тæр-
хон кæнон? Уыдонæн Хуыцау у тæрхонгæнæг.
13Фæлæ уырнджытæн сымах тæрхон цæуылнæ
кæнут? Сыгъдæг Фыст зæгъы: «Фæсурут уе
’хсæнæй хæлд адæймаджы!».

**6** Уæ иу иннæуыл куы бахъаст кæны, уæд
уæндгæ та куыд бакæны йæ хъаст тæриг-
гъæдджынтæм бахæссынмæ, сыгъдæджыты
бæсты йын уыдон куыд тæрхон кæной, афтæ?
2Сыгъдæджытæ ацы дунейæн кæй тæрхон
кæндзысты, уый нæ зонут, æви? Кæд иугæр
дунейæн сымах тæрхон кæндзыстут, уæд
хуымæтæг хъуыддæгтæ равзарыны аккаг
не стут? 3Зæдтæн мах кæй тæрхон кæндзыс-
тæм, уый нæ зонут, æви? Уæд зæххон царды
быцæутæ равзарын нæ бон нæу? 4Кæд ахæм
быцæутæ рауайы, уæд сын тæрхонгæнджы-
тæй цæмæн сæвæрут, аргъуанмæ чи ницы
бар дары, уыдоны? 5Цæмæй уæхиуыл æрху-
дат, уый тыххæй уын зæгъын: йе ’фсымæрты
быцæу чи равзара, иунæг ахæм зондджын
лæг дæр уæм нæй, æви? 6Сымахмæ та æф-
сымæр æфсымæрыл хъаст кæны, уыимæ
йæ хъаст æнæуырнджыты размæ хæссы.
7Кæрæдзиуыл кæй хъаст кæнут, æрмæст уый
дæр уæ тынг æгад кæны. Æфхæрды бынаты
баззайын уын хуыздæр нæ уаид? Истæмæй
хъуаг куы æййафиккат, уæд уын хуыздæр
нæ уаид? 8Сымах та уæхæдæг æфхæрут æмæ
стигъут. Æмæ кæй? Уе ’фсымæрты!

9Æви тæригъæдджынтæ Хуыцауы Пад-
дзахадмæ кæй нæ бацæудзысты, уый нæ

зонут? Уæхи ма сайут: нæдæр хæлд адæм,
нæдæр мæнгхуыцæуттæн кувджытæ, нæ-
дæр хæзгултæ, нæдæр нæлмойтæ, 10нæдæр
давджытæ, нæдæр кæрæфтæ, нæдæр расыг-
гæнджытæ, нæдæр хахуыргæнджытæ, нæ-
дæр фæлитойтæ Хуыцауы Паддзахадмæ нæ
бацæудзысты. 11Сымахæй дæр иуæй-иутæ
ахæмтæ уыдысты, фæлæ æхсад æрцыдыс-
тут, ссыгъдæг æмæ сраст стут нæ Бардарæг
Йесо Чырыстийы хъаруйæ æмæ нæ Хуыцауы
Уды руаджы.

12Ис мын алцы кæныны бар дæр, фæлæ
мын алцы пайда нæу. Ис мын алцы кæны-
ны бар дæр, фæлæ хъуамæ мацæй цагъар
суон. 13Хойраг гуыбынæн у, гуыбын та —
хойрагæн, фæлæ Хуыцау сæ дыууæйы дæр
фесафдзæни. Буар та хæтынæн нæ, фæлæ
Бардарæгæн у, Бардарæг та буарæн дæр йæ
хицау у. 14Хуыцау Йæ хъаруйæ райгас кодта
Бардарæджы — райгас кæндзæни мах дæр.
15Уæ буæрттæ Чырыстийы уæнгтæ кæй сты,
уый нæ зонут, æви? Уæдæ Чырыстийы буа-
ры уæнгтæ райсдзынæн æмæ сæ хъахбайы
уæнгтæ фестын кæндзынæн? Ницы хуызы!
16Кæнæ, хъахбаимæ чи баиу уа, уый йемæ иу
буар кæй свæййы, уый нæ зонут, æви? Уы-
мæн æмæ афтæ загъдæуыд: «Дыууæ уыдзыс-
ты иу буар». 17Бардарæгимæ чи баиу вæййы,
уый та монон æгъдауæй Йемæ иу у. 18Уæхи
хизут хæтынæй: адæймаг цыдæриддæр тæ-
ригъæды бацæуы, уый буары æдде вæййы,
фæлæ хæтаг йæхи буары тæригъæды цæ-
уы. 19Хуыцауæй уын лæвæрд цы буар у, уый
Сыгъдæг Уды цæрæнут кæй у, уый нæ зонут,
æви? Æмæ уымæ гæсгæ уæхиуыл уæ бар нæ
цæуы, 20Стыр аргъæй æлхæд æрцыдыстут.
Уæдæ кад кæнут Хуыцауæн уæ буарæй.

**7** Сымах мæм цæй тыххæй фыстат, ныр та
уый фæдыл: хорз у, нæлгоймаг сылгоймаджы
æмгæрон куы не 'рцæуа, уæд. 2Фæлæ хæты-
нæй хи бахизыны тыххæй алы нæлгоймагæн
дæр уæд йæхи ус, æмæ алы сылгоймагæн дæр
уæд йæхи мой. 3Мой хъуамæ æххæст кæна,
йæ усы раз ыл цы хæс æвæрд ис, уый; афтæ
ус дæр. 4Усы буарыл йæхи бар нæ, фæлæ йæ
мойы бар цæуы. Афтæ мойæн дæр йæ буа-
рыл йæхи бар нæ, фæлæ йæ усы бар цæуы.

5Уæ дыууæйы дæр куы фæнда, уæд æнæ
кæрæдзийæ ут æрмæстдæр цыбыр рæстæг-
мæ — ком даргæйæ æмæ кувгæйæ, — цæмæй
та уый фæстæ æриу уат, æмæ уæ сайтан ма
мондаг кæна, уæхиуыл фæхæцын кæй нæ
фæразут, уый аххосæй. 6Æниу æз уый бар-
дзырды хуызы нæ зæгъын — ахæм бар уын
ис. 7Мæн фæндид, цæмæй адæм иууылдæр
уой мæ хуызæн, фæлæ алкæмæ дæр йæхи
сæрмагонд курдиат ис Хуыцауæй: иумæ —
иу, иннæмæ — иннæ.

8Къай кæмæн нæй, уыдонæн æмæ идæдз
устытæн та зæгъын: мæнау иунæгæй бazза-
йын хуыздæр у. 9Фæлæ кæд сæхиуыл хæцын
нæ фæразынц, уæд курæнт устытæ æмæ
цæуæнт моймæ. Уымæн æмæ монцы арты су-
дзынæй лæг æмæ усы цард кæнын хуыздæр у.

10Усджын æмæ моймæдзыд чи у, уыдонæн
та æз нæ, фæлæ Бардарæг Йæхæдæг фæ-
дзæхсы: ус йæ мойы ма ныууадзæд. 11Куы
йæ ныууадза, уæд та мой мауал скæнæд
кæнæ йæ моимæ бафидауæд; мой дæр йæ
усæй ма ахицæн уæд.

12Иннæтæн та Бардарæг нæ, фæлæ æз зæ-
гъын: кæд æфсымæртæй искæмæн ис æнæ-
уырнæг ус æмæ усы фæнды йемæ цæрын,
уæд æй лæг ма ныууадзæд. 13Æмæ устытæй
дæр æнæуырнæг лæг кæмæн ис, уымæн кæд
йæ мойы йемæ цæрын фæнды, уæд æй ус
ма ныууадзæд. 14Уымæн æмæ æнæуырнæг
лæгæн йæ зæрдæ йæ уырнæг усы фæрцы
ссыгъдæг вæййы, æмæ æнæуырнæг ус дæр
йæ уырнæг мойы фæрцы сыгъдæг кæны.
Науæд уæ цот сыгъдæг нæ уаиккой, ныр та
сыгъдæг сты. 15Кæд æнæуырнæджы ахи-
цæн фæнды — ахицæн уæд; ахæм уавæры
æфсымæр кæнæ хо сæрибар сты. Хуыцау уæ
фидыдæй цæрын домы. 16Ды цæмæй зоныс,
сылгоймаг, æмæ дæ мойы нæ фервæзын кæн-
дзынæ? Кæнæ ды цæмæй зоныс, нæлгоймаг,
æмæ дæ усы нæ фервæзын кæндзынæ?

17Æрмæст алчидæр цæрæд, Бардарæг куыд
снысан кодта, афтæ æмæ баззайæд, Хуыцау
æм цы уавæры фæсидти, уыцы уавæры. Æз
уый фæдзæхсын æппæт аргъуантæн дæр.
18Сунæтгондæй дæм фæсидти Хуыцау — ма
йæ сусæг кæн; æнæсунæтæй дæм фæсидти —
сунæт ма скæн. 19Сунæт скæнын дæр ницы
у, сунæт не скæнын дæр ницы у — æрмæст
Хуыцауы фæдзæхстытæм гæсгæ цæрын у
ахсджиаг. 20Алчидæр баззайæд, Хуыцау æм
куы фæсидти, уæд цы уыди, уымæй. 21Ца-
гъайрагæй дæм фæсидти — ма йыл тыхс;
фæлæ кæд дæ бон сæрибар райсын у, уæд
дын хуыздæр уыдзæни уыцы фадатæй спай-
да кæнын. 22Уымæн æмæ, Бардарæг кæмæ
фæсидти, уыцы цагъары Бардарæг ссæрибар
кодта; сæрибарæй кæй æрхуыдта, уый та

**7:21** Ацы бынатæн бамбарæн ис афтæ дæр: *Цагъайрагæй дæ 'рхуыдта — ма йыл тыхс, фæлæ кæд дæ бон сæрибар райсын у, уæд дын хуыздæр уыдзæни дæ абоны уавæрæй спайда кæнын.*

Чырыстийы цагъар у. 23Сымах стыр аргъæй
балхæдæуыд – ма сут цагъартæ адæймагæн.
24Æфсымæртæ, кæмæ цы уавæры æрсид-
тæуыд, алчидæр уыцы уавæры баззайæд
Хуыцауы раз.
25Æнæцыд чызджыты æмæ æнæус лæппу-
ты тыххæй мын Бардарæг ницы бафæдзæхс-
та, фæлæ Бардарæджы хорзæхæй хайджын
чи у æмæ æууæндæн кæуыл ис, ахæм адæй-
магау уын уынаффæ кæнын. 26Мæ хъуыды
ахæм у: абоны зынтæм гæсгæ адæймагæн
хуыздæр у, цы уавæры ис, уыцы уавæры
баззайын. 27Дæ усимæ къайадæй баст дæ?
Йæ фехалыныл ма архай. Усимæ баст нæ
дæ? Ус ракурыныл ма архай. 28Æниу, ус куы
ракурай, уæд уымæй тæригъæды не 'фтыс;
æмæ, чызг мой куы скæна, уæд уый дæр
уымæй тæригъæды не 'фты. Фæлæ ахæмтæ
сæ царды æвзардзысты зынтæ, æмæ уыл
мæ зæрдæ риссы. 29Æз уын зæгъын, æф-
сымæртæ: рæстæг бирæ нал баззад, æмæ
усджынтæ нырæй фæстæмæ сæхи дарой,
цыма сын устытæ нæй, афтæ. 30Кæуджытæ
хъуамæ ма уой кæуджытау; цингæнджытæ –
цингæнджытау; æлхæнджытæ хъуамæ уой,
цыма сæ къухы ницы бафтыд, уыйау. 31Ацы
дунейы хорзæхтæй чи пайда кæны, уыдон
хъуамæ уой афтæ, цыма нæ пайда кæнынц.
Уымæн æмæ, мах цы дуне уынæм, уымæн
йæ кæрон æрцæуы. 32Мæн та фæнды, цæмæй
сымах уат æнæмæт. Æнæус мæт кæны Бар-
дарæджы хъуыддагыл, Бардарæджы зæрдæ
балхæныныл. 33Усджын та мæт кæны зæххон
хъуыддæгтыл, йæ усы зæрдæ балхæныныл.
Моймæдзыд æмæ æнæцыд чызг æмхуызон
не сты. 34Æнæмой мæт кæны Бардарæджы
хъуыддагыл, Бардарæджы зæрдæ балхæны-
ныл, цæмæй буарæй дæр æмæ удæй дæр уа
сыгъдæг. Моймæдзыдæн та йæ мæт зæххон
хъуыддæгтыл, йæ мойы зæрдæ балхæныныл
у. 35Æз уын уæ бартæ байсынмæ нæ хъавын,
фæлæ дзурын, уæ пайдайæн цы у, ууыл, цæ-
мæй Бардарæгæн кусат, куыд æмбæлы, афтæ
æмæ уæ мацы къуылымпы кæна.
36Кæд искæмæ, йæ чындздзон чызг мой-
мæдзыд кæй нæма у, уый худинаг кæсы,
уæд йæ бар йæхи – йæ чызджы раттæд мой-
мæ; уымæй ницы тæригъæды бацæудзæн.
37Фæлæ йæ бар йæхи кæмæн у, афтæмæй
йæ чызджы æнæцыдæй ныууадзыны фæнд
фидарæй чи скодта æмæ йæ уыцы фæнд
аивыны хъуыды кæмæ нæй, уый раст кæны.
38Уæдæ афтæ: йæ чызджы моймæ чи дæтты,
уый раст кæны; чи йæ нæ дæтты, уый та но-
джы растдæр кæны.
39Усæн цалынмæ йæ лæг удæгас у, уæдмæ
йемæ баст у. Йæ лæг куы амæла, уæд, кæмæ
фæцæуа, уый йæхи бар у, фæлæ – Барда-
рæгыл чи æууæнды, æрмæстдæр ахæммæ.
40Фæлæ уыцы ус, мæ уынаффæмæ гæсгæ (мæ
хъуыдымæ гæсгæ, æз дæр Сыгъдæг Удæй
хайджын дæн), куынæуал смой кæна, уæд
амондджындæр уыдзæн.

**8** Ныр та мæнгхуыцæуттæн хаст нывæндты
тыххæй. Мах æмбарæм, не 'ппæтмæ дæр зо-
нынад кæй ис, уый. Фæлæ зонынад адæйма-
джы хиуыл æвværсын кæны, уарзондзинад
та фидаргæнæг у. 2Йæхицæн исты зонын
æнхъæл чи у, уыцы адæймаг, куыд æмбæлы,
афтæ ницыма зоны. 3Фæлæ Хуыцауы, чи Йæ
уарзы, уыцы адæймаджы зоны.
4Уæдæ мæнгхуыцæуттæн хаст нывæндтæй
хæрыны тыххæй мах зонæм: мæнгхуыцау
дунейы ницы у, иунæг Хуыцау йеддæмæ
æндæр Хуыцау нæй. 5Кæд арвыл кæнæ зæх-
хыл ис, хуыцæуттæ кæй хуындæуы, ахæм-
тæ, – уымæн æмæ, «хуыцæуттæ» æмæ
«бардарджытæ» кæй хонынц, уыдон бирæ
сты, – 6уæддæр махæн ис, æппæт дæр Чи
сфæлдыста æмæ мах Кæмæн цæрæм, уыцы
иунæг Фыд Хуыцау æмæ, æппæт дæр Кæй
руаджы сфæлдыстæуыд æмæ цардæй Кæй
фæрцы схайджын стæм, уыцы иунæг Бар-
дарæг Йесо Чырысти.
7Фæлæ алкæмæ фаг зонынад нæй: иуæй-
иутæ мæнг хуыцæуттыл афтæ сахуыр сты,
æмæ нывондаг хойраг куы фæхæрынц, уæд
æй нымайынц гуымирыйæн хаст нывондыл,
æмæ сын сæ лæмæгъ æфсарм фæзæгъы, фæ-
чъизи сты, зæгъгæ. 8Хойраг мах Хуыцаумæ
нæ хæстæг кæны: куы нæ хæрæм, уæд дæр
нæ ницы сæфы; куы хæрæм, уæд дæр ныл
ницы æфты.
9Кæсут уæхимæ, цæмæй уæ уыцы бар-
тæ лæмæгъуырнджытæн цæлхдур ма суой.
10Дæумæ ис зонынад, æмæ дæ исчи мур-
таттæгты кувæндоны фынгыл бадгæ куы
фена, уæд, йæхæдæг лæмæгъ кæй у, уымæ
гæсгæ йын йе 'фсарм мæнгхуыцæуттæн
хаст нывæндтæй хæрыны бар нæ ратдзæн,
æви? 11Æмæ дæ зонынадæй бабын уыдзæни
лæмæгъ – Чырысти кæй сæраппонд амард,
дæ уыцы æфсымæр. 12Афтæмæй сымах цæут
уæ лæмæгъ æфсымæрты тæригъæды, ар-
даут сæ, се 'фсарм сын тæрхон цæй тыххæй
кæны, уыдæттæ кæныныл. Æмæ уымæй
цæут Чырыстийы хъыджы. 13Уæдæ кæд хой-
раг тæригъæды æфтауы ме 'фсымæры, уæд
мыггагмæ дæр дзидзайы хъæстæ мæхи нал

фæкæндзынæн, цæмæй тæригъæды ма баф-
тауон ме ’фсымæры.

**9** Ау, æз апостол нæ дæн? Ау, æз сæрибар
нæ дæн? Æз нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы
нæ федтон, æви? Æз Бардарæджы сæрап-
понд цы фæллой бакодтон, сымах уый не
стут, æви? 2Кæд иннæтæн апостол нæ дæн,
уæддæр сымахæн апостол дæн. Æз Барда-
рæджы апостол кæй дæн, уымæн сымах
æвдисæн стут.
3Гъе, уый у мæ дзуапп, мæныл даутæ чи
кæны, уыдонæн. 4Æви махæн хæрыны æмæ
нуазыны бар нæй? 5Æви иннæ апостолтæн,
Дунедарæджы æфсымæртæ æмæ Кифæйæн,
устытæ куыд ис, афтæ мæнæн мæ уырнæг
хотæй искæй мæхицæн цардæмбал скæныны
бар нæй, кæмдæриддæр мемæ куыд уа, аф-
тæ? 6Æви æрмæст мæнæн æмæ Варнавæйæн
нæй нæ кусыны бар?
7Уый кæд уыдис, æмæ æфсæддон йæхæдæг
йæхи дара? Сæнæфсир ныссадзæг сæнæф-
сиры гагатæй ма хæра? Дзуг чи хизы, уый
æхсыр ма нуаза? 8Æппæт уыдæттæ æз, мый-
йаг, адæймаджы зондæй зæгъын? Моисейы
Æгъдау дæр афтæ нæ зæгъы, æви? 9Уымæн
æмæ дзы фыст ис: «Найгæнæг галæн йæ дзых
ма бæтт». Хуыцауы мæт, мыййаг, галтыл у?
10Æви уый мах тыххæй загъд у? Кæй зæгъын
æй хъæуы, уый мах тыххæй фыст у; уымæн
æмæ хуымгæнæг хуым æмæ найгæнæг най
кæны йæ хай райсыны ныфсимæ. 11Æмæ
кæд мах уæ зæрдæты Сыгъдæг Уды мыггаг
байтыдтам, уæд зæххон тыллæгæй фæхай-
джын уæвыныл дæр нæ зæрдæ куы дарæм,
уæд уый, ау, æгæр уыдзæни? 12Иннæтæн
уæм ахæм бар кæм ис, уым мах уыдонæй
барджындæр не стæм, æви?
Уыцы бартæй мах уæвгæ дæр нæ пайда
кодтам, фæлæ быхсæм алцæмæн дæр, цæ-
мæй Чырыстийы Фарны Уацæн мацы цæлх-
дур сæвæрæм. 13Хуыцауы хæдзары чи лæггад
кæны, уыдон сæ хæлц уырдыгæй кæй исынц,
æмæ нывондхæссæны раз лæггадгæнджы-
тæн нывæндтæй хай кæй ис, уый нæ зонут,
æви? 14Афтæ Бардарæг Фарны Уац хъусын-
гæнджытæн дæр бафæдзæхста Фарны Уац
хъусын кæнынæй цæрын.
15Фæлæ æз уыцы бартæй не спайда кодтон;
мæ фыстæг дæр уæм уый тыххæй нæ фыссын,
æмæ сæ пайда кæнын райдайон. Уый бæсты
мæ амæлæт хуыздæр уаид! Раппæлинагæй
мæм цы ис, уымæй мæ æнæхай ничи фæкæн-
дзæн. 16Æз Фарны Уац адæммæ кæй хæссын,
уымæй мæхицæй нæ раппæлдзынæн — уый
мæ хæс у, æмæ додой мæ сæр, Фарны Уац
адæммæ куынæ хæссон, уæд! 17Уыцы куыст
барвæндонæй куы кæнин, уæд мын уаид
мызд; фæлæ йæ æз барвæндонæй нæ кæнын —
æз аразын, мæ бæрны мын цы хъуыддаг ба-
чындæуы, æрмæст уый. 18Уæдæ мæ мызд цы
у? Мæ мызд уый у, æмæ Фарны Уац хъусын
кæнын лæвар, æмæ афтæмæй Фарны Уац
хъусынгæнæджы бартæй нæ пайда кæнын.
19Æз никæй дæлбар дæн, уæддæр алкæмæн
дæр мæхицæй скодтон цагъар, цæмæй фыл-
дæр адæм Хуыцаумæ æрхонон. 20Иудейæгты
æрхоныны тыххæй æз мæхи дардтон, куыд
иудейаг; Моисейы Æгъдауы дæлбар уæв-
джыты тыххæй — куыд Æгъдауы дæлбар
адæймаг, кæд Æгъдауы дæлбар нæ дæн, уæд-
дæр. 21Æгъдау кæмæн нæй, уыдонæн сдæн,
Æгъдау кæмæн нæй, ахæмау, — афтæмæй
та Хуыцауы раз æнæ æгъдау нæ дæн, фæлæ
дæн Чырыстийы æгъдауы дæлбар, — цæмæй
æрхонон, Æгъдау кæмæн нæй, уыдоны. 22Лæ-
мæгъты æрхоныны сæраппонд лæмæгътæн
сдæн лæмæгъау. Æппæтæн дæр æз сдæн
алцы, цæмæй цыфæндыйæ дæр фервæзын
кæнон иуæй-иуты. 23Æппæт уыдæттæ æз
кæнын Фарны Уацы сæраппонд, цæмæй
йын суон æмкусæг.
24Згъорæн фæзы се ’ппæт дæр фезгъорынц,
фæлæ хæрзиуæг иу адæймагмæ кæй æрхауы,
уый нæ зонут, æви? Уæдæ згъоргæут æмæ
райсат хæрзиуæг! 25Ерысты архайджытæ
алцæмæй дæр сты хиуылхæцгæ. Уыдонæн
сæ нысан у, зæххон, ома баруайæн цы хæрзи-
уæгæн ис, уый райсын; махæн та — баруайæн
кæмæн нæй, уый. 26Уымæ гæсгæ æз, бæлвырд
нысан кæмæн нæй, уыцы згъорæгау нæ дæн;
армæйхæцæгау æз уæлдæф тымбылкъухæй
дзæгъæлы нæ хойын. 27Фидар хæцын мæ
буарыл, мæ дæлбар æй кæнын, цæмæй аф-
тæ ма рауайа, æмæ, иннæтæн Фарны Уац
æрхæсгæйæ, мæхæдæг хæрзиуæджы аккаг
ма разынон.

**10** Мæн фæнды, æфсымæртæ, цæмæй сы-
мах зонат, нæ фыдæлтæ иууылдæр æврагъы
дæлбазыр кæй уыдысты æмæ се ’ппæт дæр
Сырх денджызыл кæй ахызтысты, уый. 2Уы-
донæн се ’ппæтыл дæр Моисеимæ саргъуы-
дæуыд æврагъ æмæ денджызы. 3Се ’ппæт
дæр хордтой уыциу монон хойраг. 4Се ’ппæт
дæр нуæзтой уыциу монон донæй — семæ
чи цыди, уыцы монон къæдзæхæй ракæлгæ
донæй; уыцы къæдзæх та уыди Чырысти.
5Фæлæ Хуыцау сæ фылдæрæй райгонд нæ
уыд, æмæ фæцагъды сты æдзæрæг быдыры.

6Уыдæттæ та махæн зондыхос сты — фыдæхмæ æмхиц ма уæм, уыдон æм куыд æмхиц уыдысты, афтæ. 7Ма ут мæнгхуыцæуттæн кувджытæ, уыдонæй сын бирæтæ куыд куывтой, афтæ; Сыгъдæг Фыст уыдоны тыххæй зæгъы: «Адæм æрбадтысты хæрд æмæ нозтыл, стæй сыстадысты æмæ хъазт сарæзтой». 8Нæхи бахизæм хæтынæй, уыдонæй бирæтæ хæтынил куыд бафтыдысты, афтæ. Уый тыххæй дзы иу бонмæ æртæ æмæ ссæдз мины фæмард. 9Ма фæлварæм Чырыстийы, уыдонæй Йæ бирæтæ куыд фæлвæрдтой, афтæ. Уый тыххæй кæлмыты хæстæй фæцагъды сты. 10Бустæ ма кæнут, уыдонæй бирæтæ куыд бустæ кодтой, афтæ; уый тыххæй сæ мæлæтхæссæг зæд фæцагъта. 11Сæ хабæрттæ махæн зонды хос сты, æмæ сæ ныффыстæуыд, цæмæй махæн, рæстæджы кæрон цæрджытæн, рагфæдзæхст суой. 12Уæдæ кæд исчи афтæ æнхъæл у, фидар лæууы, зæгъгæ, уæд кæсæд йæхимæ, цæмæй ма ахауа. 13Сымах бахаудтат, адæймаг кæм бахауы, ахæм хуымæтæг фæлварæны. Хуыцау иузæрдион у æмæ, кæмæн нæ бафæразат, ахæм фæлварæн уыл не 'руадздзæн. Уый нæ, фæлæ ма уын алы фæлварæны æххуыс дæр бакæндзæн, фæндаг дæр уын бацамондзæн æмæ уын хъару дæр ратдзæн.

14Уæдæ, мæ уарзон хæлæрттæ, уæхи хизут мæнгхуыцæуттæм кувынæй. 15Æз зæгъын, æмбаргæтæн куыд фæзагъдæуы, афтæ. Æмæ, цы зæгъын, ууыл уæхæдæг ахъуыды кæнут. 16Цы арфæйы кæхцы тыххæй арфæ кæнæм, уый мах Чырыстийы Тугимæ нæ иу кæны, æви? Æмæ цы дзул асæттæм, уый мах Чырыстийы Буаримæ нæ иу кæны, æви? 17Дзул иу кæй у, уымæ гæсгæ мах, бирæ адæм, иу буар стæм, уымæн æмæ иу дзулæй райсы алчидæр йæ хай.

18Акæсут-ма, туг-стæгæй израилаг чи у, уыдонмæ — нывондæй куы фæхæрынц, уæд нывондхæссæны раз лæггадгæнджытæ нæ вæййынц, æви? 19Æз цы зæгъын уымæй? Мæнгхуыцау исты у, кæнæ мæнгхуыцауæн æрхаст нывонд исты у? 20Ницы, кæй зæгъын æй хъæуы! Фæлæ муртаттæгтæ цы нывæндтæ æрхæссынц, уыдон Хуыцауæн нæ, фæлæ дæлимонтæн хæссынц. Мæн та нæ фæнды, цæмæй дæлимонтимæ баст уат. 21Бардарæджы кæхцæй дæр нуазат æмæ дæлимонты кæхцæй дæр, уый уын не 'мбæлы. Бардарæджы фынгыл дæр бадат æмæ дæлимонты фынгыл дæр, уый уын не 'мбæлы. 22Æви нæм Бардарæг смæсты уа, уый нæ фæнды? Æмæ, ау, мах Уымæй тыхджындæр стæм?

23Ис алцы кæныны бар дæр, фæлæ алцы пайда нæу. Ис алцы кæныны бар дæр, фæлæ алцы фидаргæнæг нæу. 24Йæхи пайдайыл мачи тыхсæд, фæлæ алчидæр тыхсæд иннæйы пайдайыл.

25Уæййаг цыдæриддæр у, уый хæрут æнæ равзар-бавзарæй, æнæзæрдæхсайгæйæ. 26Уымæн æмæ, «зæхх, стæй йыл цыдæриддæр ис, уыдон Дунедарæджы исбон сты». 27Æнæуырнджытæй уæ исчи куы фæхона æмæ уæ ацæуын куы бафæнда, уæд уын цы æрæвæрой, уый бахæрут æнæ равзар-бавзарæй, æнæзæрдæхсайгæйæ. 28Фæлæ уын исчи куы зæгъа: «Уый мæнгхуыцауæн хаст нывонд у», уæд зæгъæгæй ма фефсæрмы кæнут æмæ дзы ма бахæрут. 29Æз сымах æфсармы тыххæй нæ, фæлæ уыцы адæймаджы æфсармы тыххæй зæгъын. Мæ сæрибарæн мын кæйдæр æфсарм цæмæ гæсгæ хъуамæ уа тæрхонгæнæг? 30Кæд мæ къæбæр, Хуыцауæй бузныг уævгæйæ, хæрын, уæд, бузныг цæмæй дæн, уый тыххæй мын исчи цæмæн хъуамæ бауайдзæф кæна?

31Уæдæ хæргæ кæнат æви нуазгæ, æви æндæр исты хъуыддаг аразат, æппæт дæр кæнут Хуыцауы кадæн. 32Цæлхдур ма ут нæдæр иудейæгтæн, нæдæр бердзенæгтæн, нæдæр Хуыцауы Аргъуанæн, 33Æз дæр алы хъуыддаджы алкæй зæрдæ куыд æлхæнын, афтæ. Мæхи пайдайыл нæ архайын, фæлæ бирæты пайдайыл, цæмæй фервæзой.

**11** Мæн бафæзмут, æз Чырыстийы куыд фæзмын, афтæ.

2Разы уæ дæн, æфсымæртæ, алы хъуыддаджы дæр уæ зæрдыл кæй лæууын æмæ уæм цы ахуырад æрхастон, ууыл иууылдæр фидар кæй хæцут, уымæй. 3Нодзы ма мæ фæнды, цæмæй сымах зонат: алы нæлгоймагæн дæр йæ хицау Чырысти у, сылгоймаджы хицау нæлгоймаг у, Чырыстийы хицау та Хуыцау у. 4Кувгæйæ кæнæ пехуымпариуæг кæнгæйæ, бæгъæмсар цы нæлгоймаг нæ уа, уый йæхи æмæ йæ Хицауы æгад кæны. 5Бæгъæмсарæй цы сылгоймаг кувы кæнæ пехуымпариуæг кæны, уый дæр йæхи æмæ йæ хицауы æгад кæны — ахæм сылгоймаг дастсæрæй уæлдай нæу. 6Кæд сылгоймаг сæрбæттæн нæ дары, уæд йæ сæр алвынæд; фæлæ сылгоймагмæ кæд йæ сæр алвынын кæнæ адасын худинаг кæсы, уæд сæрбæттæн дарæд. 7Нæлгоймаг бæгъæмсар хъуамæ уа, уымæн æмæ йæ Хуыцау Йæхимæ гæсгæ сфæлдыста, æмæ Хуыцауы кадæй кадджын у; сылгоймаджы кад та нæлгоймагæй

у. 8Уымæн æмæ сылгоймаг нæлгоймагæй
нæ равзæрди, фæлæ нæлгоймаг — сылгой-
магæй. 9Нæлгоймаджы не сфæлдыстæуыди
сылгоймаджы тыххæй, фæлæ сылгоймаджы
сфæлдыстæуыди нæлгоймаджы тыххæй.
10Уымæ гæсгæ хицаудзинады нысанæн сыл-
гоймаг йæ сæрыл хъуамæ сæрбæттæн да-
ра — зæдтæн зонынæн. 11Æниу ног царды,
Бардарæджы раз, сылгоймагæн нæлгоймаг
куыд ахсджиаг у, афтæ ахсджиаг у сылгой-
маг дæр нæлгоймагæн. 12Уымæн æмæ, кæд
сылгоймаг нæлгоймагæй равзæрди, уæддæр
нæлгоймаг сылгоймагæй райгуыры. О, фæлæ
æппæт дæр сфæлдыста Хуыцау.

13Ахъуыды-ма кæнут уæхæдæг, сылгой-
магæн бæгъæмсарæй Хуыцаумæ кувын
фидауы? 14Æрдз уæ йæхæдæг ахуыр кæны:
нæлгоймагæн сæрыхъуынтæ уадзын æгад
у, 15сылгоймаг та сæрыхъуынтæ куы уадза,
уæд ын уый кад у, уымæн æмæ йын сæры-
хъуынтæ æрдзон æмбæрзæнау лæвæрд сты.
16Фæлæ кæд уыдæтты тыххæй искæй быцæу
кæнын фæнды, уæд мах дæр æмæ Хуыцауы
аргъуантæ дæр ахæм æгъдауыл хæст не стæм.

17Ныр та уын цы зæгъдзынæн, уымæй уæ
æппæлгæ нæ кæнын, уымæн æмæ уе 'мбырд-
тæ пайдайы бæсты зиан æрхæссынц. 18Фыц-
цаджыдæр, æз хъусын, зæгъгæ, аргъуанмæ
куы æрцæут, уæд фæкъордтæ вæййут, æмæ
афтæ кæй у, уый мæ иуæрдыгæй уырнгæ
дæр кæны. 19Æцæг уæм алыхуызон зонда-
хаст дæр хъуамæ уа, уе 'хсæн фæлтæрд чи у,
уыдон куыд сбæлвырд уой, афтæ.

20Сымах иумæ куы æрæмбырд вæййут,
уæд уын дзы Бардарæджы æхсæвæр нæ ра-
уайы — 21алчидæр февналы йе 'хсæвæр ахæ-
рынмæ, æмæ иу æххормагæй баззайы, иннæ
та æфсæст æмæ расыг вæййы. 22Хæдзæрттæ
уын нæй, цæмæй хæргæ æмæ нуазгæ уым кæ-
нат? Æви Хуыцауы Аргъуан ницæмæ дарут?
Кæнæ уæм мæгуыртыл дæлæмæ хæцын хорз
кæсы? Цы уын загъдæуа? Æппæлгæ уæ ракæ-
нон? Нæ, уый тыххæй уæ нæ раппæлдзынæн.

23Уымæн æмæ, Бардарæгæй цы базыд-
тон, æз уый сымахæн дæр бацамыдтон:
гадзрахатæй Йыл куы рацыдæуыд, уыцы
æхсæв Бардарæг Йесо райста дзул, 24арфæ
ракодта Хуыцауæн, асаста йæ æмæ загъта:
«[Айсут æмæ хæрут] — уый Мæ Буар у, æмæ
саст цæуы уæ сæраппонд. Афтæ кæнут Мæ
æрымысынæн». 25Æхсæвæры фæстæ райста
сæны кæхц дæр æмæ загъта: «Ацы кæхц у
Мæ Тугæй фидаргонд ног фидыд. Кæдфæн-
ды дæр дзы ма нуазат — Мæ æрымысынæн
нуазут». 26Уæдæ ацы дзулæй куы фæхæрут
æмæ ацы сæнæй куы бануазут, уæд уымæй
хъусын кæнут Бардарæджы мæлæты тых-
хæй — цалынмæ æрцæуа, уæдмæ.

27Аккаг аргъ сын нæ кæны, афтæмæй ацы
дзул æмæ ацы сæнæй чидæриддæр ахода,
уый бацæудзæни Бардарæджы Буар æмæ
Туджы тæригъæды. 28Уæдæ алы адæймаг
дæр ныккæсæд йæ зæрдæмæ æмæ уый фæс-
тæ хæрæд ацы дзулæй æмæ нуазæд ацы
сæнæй. 29Бардарæджы буарæн аргъ чи нæ
кæны, афтæмæй чи хæры æмæ нуазы, уый
уыцы дзул æмæ сæнæй йæхи тæрхойнаг кæ-
ны. 30Уымæн сты сымахæй бирæтæ æнæбон
æмæ рынчын; мæлгæ дæр уæ дзæвгар акодта.
31Нæхæдæг рагацау нæхицæн тæрхонгæ-
нæг куы уаиккам, уæд-иу тæрхойнаг нæ
кæниккам. 32Фæлæ нын Бардарæг тæрхон
куы фæкæны æмæ нæ куы бафхæры, уæд
нæ Уый афтæмæй срасткæны, цæмæй нын
иннæ дунеимæ иумæ тæрхон ма кæна.

33Уымæ гæсгæ, ме 'фсымæртæ, æхсæвæр-
мæ куы æрæмбырд вæййут, уæд-иу кæ-
рæдзимæ банхъæлмæ кæсут. 34Кæд исчи
æххормаг у, уæд йæ хæдзары бахæрæд. Уе
'мбырдтæ уын хъуамæ сæ фæдыл тæрхон ма
сайой. Иннæ хъуыддæгтæ баныввыл кæн-
дзынæн, мæхæдæг уæм куы æрцæуон, уæд.

**12** Мæн фæнды, ме 'фсымæртæ, цæмæй
сымах зонат, Сыгъдæг Уд кæй дætты, уыцы
курдиæтты тыххæй. 2Сымах зонут: мур-
таттæгтæ ма куы уыдыстут, уæд уæ цыма
иставæр тых сайдта, афтæ куывтат æгомыг
гуымирытæн. 3Уымæ гæсгæ уын зæгъын:
Сыгъдæг Удæй хайджын чи у, уый Йесойы нæ
ралгъитдзæн, æмæ, Сыгъдæг Удæй хайджын
чи нæу, уый Йесойы Бардарæг не схондзæн.

4Курдиæттæ алыхуызон сты, дæттæ та сæ
уыцы иу Уд кæны. 5Хуыцауæн алы хуызы ба-
лæггадгæнæн ис, разæнгардгæнæг та уыцы
иу Бардарæг у. 6Куыстытæ алыхуызон сты,
фæлæ не 'ппæты фæрцы æппæт дæр уыцы
иу Хуыцау аразы. 7Алкæй удыхъæды дæр
Сыгъдæг Уд Йæхи æвдисы сæрмагонд хуызы,
фæлæ — иумæйаг хъуыддаджы пайдайæн.
8Иуæн уд йæ ныхасы бавæры уæлзонд, ин-
нæмæн — зонынад, 9аннæмæ Уды руаджы
фæзыны уырныдзинад, кæмæндæр та Уд
схай кæны низтæ дзæбæх кæныны курдиат.
10Иуæн — диссæгтæ аразыны, иннæмæн —
пехуымпарады, æртыккагæн — адæймаг
цавæр удæй хайджын у, уый иртасыны, цып-
пæрæмæн — алыхуызон æвзæгтыл дзурыны,
фæндзæмæн — уыцы æвзæгтыл цы загъдæ-
уыд, уый æмбарын кæныны курдиат. 11Фæлæ

æппæт уыдæттæ уыцы иу, алкæмæн дæр, Йæхи куыд фæнды, ахæм лæвæрттæ Чи кæны, уыцы Уды архайдæй цæуынц.
[12]Буар иу у, йæ уæнгтæ та — бирæ. Фæлæ кæд бирæ сты, уæддæр се 'ппæт дæр иу буар сты. Афтæ у Чырысти дæр. [13]Уымæн æмæ не 'ппæтыл дæр — иудейæгтæ æмæ бердзенæгтыл, цагъартæ æмæ сæрибар адæмыл — иу Удæй саргъуыдæуыд æмæ иу буар систæм, не 'ппæтæн дæр уыциу Уд рардæуыди.
[14]Буар та иу уæнгæй нæу, фæлæ бирæ уæнгтæй. [15]Къах куы зæгъид: «Къух кæй нæ дæн, уымæ гæсгæ буары хай нæ дæн», уæд уый тыххæй буары хай нал уаид? [16]Æмæ хъус куы зæгъид: «Цæст кæй нæ дæн, уымæ гæсгæ буары хай нæ дæн», уæд уый тыххæй буары хай нал уаид? [17]Кæд æнæхъæн буар цæст у, уæд хъусгæ та куыд кæнид? Кæд буар æнæхъæнæй хъус у, уæд æмбудгæ та куыд кæнид? [18]Хуыцау та буары алы уæнгæн дæр скодта бынат, куыд Æй фæндыд, афтæ. [19]Уæнгтæ иууылдæр иу уæнг куы уаиккой, уæд буар уæвгæ уаид? [20]Ныр та уæнгтæ бирæ сты, буар та иу у. [21]Цæст къухæн нæ зæгъдзæни: «Ницæмæн мæ хъæуыс». Сæр къæхтæн нæ зæгъдзæни: «Ницæмæн мæ хъæут». [22]Уый нæ, фæлæ нæм лæмæгъдæр цы уæнгтæ кæсынц, уыдон æнæмæнг хъæуынц. [23]Иннæтæй нæм къаддæр чи кæсы, нæ буары уыцы уæнгтыл фылдæр мæт кæнæм. [24]Аив чи нæу, нæ уыцы уæнгтæ хуыздæр æмбæрзæм; аив уæнгты та æмбæрзын нæ хъæуы. Хуыцау буар афтæ скодта, цæмæй фылдæр мæт кæнæм, фаг нымад чи нæу, уыцы уæнгтыл, [25]æмæ буары уæнгтæ ма ныххицæнтæ уой, фæлæ кæрæдзиуыл мæт кæной æмхуызон. [26]Уымæ гæсгæ буары иу уæнг куы фæриссы, уæд иннæтæ дæр фæриссынц йемæ. Иу уæнг куы скадджын уа, уæд иннæ уæнгтæ дæр цин кæнынц йемæ.
[27]Сымах Чырыстийы буар стут, хицæнтæй та — Йæ буары уæнгтæ. [28]Æмæ Хуыцау уыдонæй иуты аргъуаны сæвæрдта, фыццаджыдæр, апостолтæй, дыккаджы — пехуымпартæй, уый фæстæ — ахуыргæнджытæй. Уый иутæн радта диссæгтæ æвдисыны тых, стæй низтæй дзæбæх кæныны, æххуыс кæныны, разамынд дæттыны æмæ алы æвзæгтыл дзурыны курдиаттæ. [29]Се 'ппæт дæр апостолтæ сты? Се 'ппæт дæр пехуымпартæ сты? Се 'ппæт дæр ахуыргæнджытæ сты? Се 'ппæтмæ дæр ис диссæгтæ æвдисыны тых? [30]Се 'ппæтмæ дæр ис низтæй дзæбæх кæныны курдиат? Се 'ппæты бон у алыхуызон æвзæгтыл дзурын? Се 'ппæт дæр æвзæгтæ æмбарын кæнынц?
[31]Тырнут уæлдæр курдиæттæм. Æз уын бацамондзынæн тæккæ хуыздæр фæндаг.

**13** Æз адæймаджы æмæ зæдты æвзæгтыл куы дзурон, фæлæ мæм уарзт куынæ уа, уæд æз дæн зæллангæнаг мырмыраг кæнæ зылангзæл æрхуы тæбæгъ. [2]Кæд мæм ис пехуымпар ныхас кæныны курдиат, зонын æппæт сусæгдзинæдтæ, ис мæм алы зонынад, стæй хæхтæ æндæр ран æрæвæрын кæй бон у, ахæм уырнындзинад, уарзт та мæм нæй, — уæд æз ницы дæн. [3]Æз ме 'ппæт мулк дæр куы байуарон, мæ буар судзынмæ куы раттон, уарзт та мæм куынæ уа, — уæд мын уыдæттæй ницы пайда ис.
[4]Уарзт у бирæбыхсаг, зæрдæхæлар, хæлæг нæ кæны, нæу хиппæлой æмæ схъæл, [5]æнæуаг митæ нæ кæны, хи пайдамæ нæ тырны, нæу мæстыгæр, маст йæ зæрдæйы нæ хæссы. [6]Æвзæрдзинадыл нæ райы, цин кæны рæстадыл. [7]Уый ныббары æппæт дæр, алцæуыл дæр æууæнды, алцæуыл дæр йæ зæрдæ дары, алцæмæн дæр фæразы.
[8]Уарзтæн кæрон никуы уыдзæни, пехуымпарад та банцайдзæн, алыхуызон æвзæгты курдиат нал уыдзæни, зонынадæн æрцæуыдзæни кæрон. [9]Уымæн æмæ нæ зонынад æххæст нæу æмæ нæ пехуымпарад æххæст нæу. [10]Алцæмæй дæр æххæсты дуг куы ралæууа, уæд, æххæст цы нæу, уый нал уыдзæн. [11]Æз саби куы уыдтæн, уæд сабийы ныхас кодтон, сабийы хъуыдытæ мæм уыди, алцæмæ дæр кастæн сабийы цæстæй. Лæджы кары куы бацыдтæн, уæд та ныууагътон, сабийæ мæм цы миниуджытæ уыди, уыдон. [12]Абон мах кæсæм, рæстмæ кæм ницы уынæм, ахæм айдæнмæ кæсæгау, уæд та кæсдзыстæм лæгæй-лæгмæ, комкоммæ. Ныртæккæ мæ зонынад æххæст нæу, уæд та базондзынæн æххæстæй, мæн Хуыцау æххæстæй куыд базыдта, афтæ.
[13]Ныр ис æртæ: уырнындзинад, ныфс, уарзт. Фæлæ уыдонæн сæ тæккæ ахъаззагдæр уарзт у.

**14** Тырнут уарзæгойæ цæрынмæ, æнувыдæй архайут, Уд кæй дæтты, уыцы курдиæттæ райсынмæ, уæлдайдæр та пехуымпариуæг кæнынмæ.
[2]Æндæр æвзагыл чи дзуры, уый адæмæн нæ, фæлæ Хуыцауæн дзуры. Ничи йæ

**12:28** Ома Хуыцауы ныхас амонджытæй.

æмбары — Уды хъаруйæ сусæгдзинæдтæ
дзуры. 3Пехуымпариуæггæнæг та адæмæн
дзуры, цæмæй сæ сфидар, сразæнгард кæна
æмæ барæвдауа. 4Æндæр æвзагыл чи дзуры,
уый æрмæст йæхи фидар кæны, пехуым-
париуæггæнæг та — аргъуан. 5Мæ зæрдæ
уе 'ппæтæн дæр зæгъы æндæр æвзæгтыл
дзурын, ноджы тынгдæр та — пехуымпа-
риуæг кæнын. Æвзæгтыл дзурæг аргъуан
сфидар кæныны сæраппонд йæ ныхас куынæ
æмбарын кæна, уæд пехуымпариуæггæнæг
æвзæгтыл дзурæгæй уæлдæр у.

6Ныр уæм æрцыдтæн, æфсымæртæ, æмæ
æндæр æвзæгтыл дзурын, зæгъæм, уæд уын
цы пайда фæуыдзынæн, Хуыцауæй мын цы
раргом, ахæмæй исты — зонынад, пехуым-
парад кæнæ ахуырад куы не 'рхæссон, уæд?

7Æнæуд дзауматæ, уадынгæрзтæ, рай-
сæм — уадындз кæнæ фæндыр, зæгъæм. Сæ
зæлтæ кæрæдзийæ куынæ хицæн кæной,
уæд куыд базындæуыдзæн, цавæр мелоди
цæгъдынц, уый? 8Уæдæ хæстон сыкъауа-
дындзæй бæлвырд зæлтæ куынæ хъуыса,
уæд хæстмæ йæхи чи æрцæттæ кæндзæн?
9Бамбарæн кæмæн нæй, ахæм ныхæстæ сы-
мах дæр æндæр æвзæгтыл куы дзурат, уæд
иннæтæ куыд базоной, цæуыл дзурут, уый?
Уымæн æмæ уæ ныхас уыдзæни дымгæмæ
дзурæгау. 10Дунейы бирæ æвзæгтæ ис, æмæ
иууылдæр мыртæй пайда кæнынц. 11Фæлæ
æз уыцы мырты нысаниуæг куынæ зонон,
уæд ме 'мныхасгæнæгæн æз дæр æндæр-
бæстаджы хуызæн уыдзынæн, æмæ мын
уый дæр æндæрбæстаджы хуызæн уыдзæни.
12Афтæ уæд сымах дæр: кæд Уды курди-
æттæм бæллут, уæд архайут, цæмæй уæм
бирæ уа, аргъуан сфидар кæнынæн ахъаз
чи у, ахæм курдиæттæ.

13Уæдæ æндæр æвзæгтыл чи дзуры, уый
кувæд, цы дзуры, уый æмбарын кæныны
курдиат райсыны тыххæй. 14Уымæн æмæ,
æз æнæзонгæ æвзагыл куы кувон, уæд мæ
уд кувдзæн, мæ зондæн та дзы пайда нæ
уыдзæн. 15Уæдæ цы бакæнон? Кувдзынæн
удæй, кувдзынæн зондæй дæр, зардзынæн
удæй, зардзынæн зондæй дæр. 16Уымæн
æмæ, ды Хуыцауæн удæй куы арфæ кæнай,
уæд, æвзæгтæ æмбарынхъом цы адæймаг
нæу, уый дæ арфæйæн «аммен» куыд зæгъ-
дзæн, цы дзурыс, уый куы не 'мбара, уæд?
17Ды хорз арфæ кæныс, фæлæ дзы иннæйы
уырнындзинад нæ фидар кæны. 18Бузныг
дæн мæ Хуыцауæй: æндæр æвзæгтыл æз уе
'ппæтæй дæр фылдæр дзурын. 19Фæлæ мæ
аргъуаны фæнды æндæр æвзагыл мингай
дзырдтæ зæгъыны бæсты фондз ныхасы
мæ зондæй зæгъын, цæмæй сахуыр кæнон
иннæты дæр.

20Æфсымæртæ, зондæй сывæллæттæ ма
ут. Фыдбылыз саразынмæ ут сабитæ, зондæй
та — хъомылтæ. 21Æгъдауы фыст ис:

«Æндæр æвзæгтыл,
æцæгæлон ныхасыздæхтæй
дзурдзынæн
ацы адæмимæ,
фæлæ Мæ уæддæр нæ фехъусдзыс-
ты», — зæгъы Дунедарæг.

22Уæдæ, уынут æй, æнæзонгæ æвзæгтæ
цыдæр ахадынц уырнджытæ нæ, фæлæ, чи
не 'ууæнды, уыдоны цæсты. Пехуымпар
ныхас та æнæуырнджытæн нæ, фæлæ уырн-
джытæн у. 23Æгас аргъуаны æмбырды æнæ-
зонгæ æвзæгтыл куы дзурат, афтæмæй уæм,
чи сæ не 'мбары, ахæмтæ кæнæ æнæуырн-
джытæ дæр куы бацæуой, уæд цы зæгъдзыс-
ты? Æрратæ уæ нæ фæхондзысты? 24Фæлæ
иууылдæр пехуымпариуæг куы кæной, æмæ
сæм æнæуырнæг кæнæ, æвзæгтæ бамбарын-
хъом чи нæу, ахæм исчи куы бацæуа æмæ,
цы ныхæстæ фехъуса, уыдон ын йæ зæрдыл
йæ тæригъæдтæ куы æрлæууын кæной, уæд
йæхиуыл æрхуддзæн. 25Раргом уыдзысты
йæ зæрдæйы сусæгтæ, æмæ уæд ныддæл-
гом уыдзæн зæххыл, бакувдзæн Хуыцаумæ
æмæ зæгъдзæн: «Хуыцау æцæгдæр уемæ ис».

26Уæдæ уын цы зæгъон, æфсымæртæ? Сы-
мах куы æрæмбырд вæййут, уæд уæ алкæмæ
дæр вæййы кæнæ зарæг, кæнæ зондамонæн
ныхас, кæнæ æндæр æвзаг, кæнæ уыцы æвзаг
бамбарын кæныны курдиат, кæнæ искæмæн
Хуыцауæй исты раргом вæййы. Æппæт уы-
дæттæ хъуамæ фидар кæной аргъуан. 27Кæд
исчи æндæр æвзагыл дзуры, уæд дзурæнт
дыууæйæ, тæккæ фылдæр æртæйæ, уымæй
дæр радгай, иу та йæ æмбарын кæнæд. 28Кæд
æмбарынгæнæг нæй, уæд аргъуаны ма дзу-
рæд, фæлæ дзурæд йæхицæн æмæ Хуыцауæн.
29Пехуымпартæ дæр дзурæнт дыууæйæ кæ-
нæ æртæйæ, иннæтæ та сын сæ ныхас æвза-
рæнт. 30Фæлæ чи бады æмæ хъусы, уыдонæй
искæмæн Хуыцауæй исты куы раргом уа,
уæд, дзургæ чи кæны, уый банцайæд — 31уе
'ппæты бон дæр у радгай пехуымпариуæг
кæнын, цæмæй иууылдæр ахуыр кæной æмæ
сæ бауагъдæуа ныфс. 32Пехуымпар хъуамæ
йæ удæн фæтк дæттын зона, 33уымæн æмæ
Хуыцау æмтъерыйы Хуыцау нæу, фæлæ у
фарндæттæг Хуыцау.

Уыцы фарнæй хайджын сты сыгъдæджыты
æппæт аргъуантæ. 34Сылгоймæгтæ аргъуаны

сæ дзых ма гом кæнæнт, уымæн æмæ сын
дзурын не ’мбæлы, фæлæ сæ бынат зонæнт, —
афтæ зæгъы Æгъдау дæр. 35Кæд сæ исты ба-
зонын фæнды, уæд хæдзары бафæрсæнт сæ
лæгты, уымæн æмæ сылгоймагæн аргъуаны
ныхас кæнын худинаг у.

36Хуыцауы дзырд исты сымахæй рацыди
кæнæ æрмæст сымахмæ бахъардта?

37Кæд исчи йæхи пехуымпарыл кæнæ
Сыгъдæг Удæй лæвæрд курдиаты хицауыл
нымайы, уæд бамбарæд: æз уæм цы фыссын,
уый Бардарæг бафæдзæхста. 38Уыдæттæ чи
ницæмæ дары, уымæн йæхи дæр ницæмæ
дардæуы. 39Уæдæ, æфсымæртæ, тырнут пе-
хуымпариуæг кæнынмæ æмæ æндæр æв-
зæгтыл дзурыны бар дæр дæттут. 40Æппæт
дæр уæд нывыл æмæ æгъдауыл.

**15** Ноджы ма уын иу хатт уæ зæрдыл лæу-
уын кæнын, æфсымæртæ, æз уæм цы Фарны
Уац æрхастон, уый; сымах æй райстат уæ
зæрдæмæ, сси уæ царды бындур. 2Уыцы Уа-
цы фæрцы фервæздзыстут, кæд æмæ, цы уын
фехъусын кодтон, ууыл фидар хæцат, уæд;
кæд нæ — уæд дзæгъæлы бауууæндыдыстут.

3Уымæн æмæ уæм æз æрхастон, мæхæдæг
цы райстон, уыцы тæккæ сæйрагдæр: Сыгъ-
дæг Фысты куыд загъдæуы, афтæ Чырысти
амарди нæ тæригъæдты тыххæй; 4бавæрдтой
Йæ, æмæ æртыккаг бон райгас ис, Фысты
куыд загъд ис, афтæ. 5Йæхи раргом кодта Ки-
фæмæ, уый фæстæ та дыууадæс апостолмæ
дæр. 6Стæй уыцы иу рæстæг Йæхи равдыста
фондзсæдæ æфсымæрæй фылдæрмæ. Уы-
донæн сæ фылдæр, иуæй-иутæй фæстæмæ,
абон дæр ма сæрæгас сты. 7Уый фæстæ Йæхи
равдыста Йаковмæ, фæстæдæр — æппæт
апостолтæм. 8Се ’ппæты фæстæ, æфтыддаг-
мæ фæзынæгау, фæзынди мæнмæ дæр. 9Уы-
мæн æмæ æз апостолтæн сæ тæккæ къаддæр
дæн æмæ апостолы ном хæссыны аккаг дæр
нæ дæн, Хуыцауы аргъуан кæй æфхæрдтон,
уый тыххæй. 10Фæлæ æз, цы дæн, уый Ху-
ыцауы хорзæхæй дæн. Æмæ Йæ хорзæхæй
хайджын дзæгъæлы нæ фæдæн: æз се ’ппæ-
тæй дæр фылдæр бакуыстон — æниу, æз нæ,
фæлæ мемæ чи ис, Хуыцауы уыцы хорзæх.
11Уæдæ мах — æз дæр æмæ иннæ апостолтæ
дæр — уыцы Фарны Уац хъусын кæнæм, æмæ
йыл сымах бауууæндыдыстут.

12Чырысти мæрдтæй кæй райгас, кæд Фар-
ны Уац ууыл дзуры, уæд сымахæй иуæй-иу-
тæ куыд зæгъынц, мæрдтæн райгасы амал
нæй, зæгъгæ? 13Кæд мæрдтæн райгасы амал
нæй, уæд Чырысти дæр нæ райгас. 14Æмæ
кæд Чырысти нæ райгас, уæд, цы уац хъу-
сын кæнæм, уый дæр дзæгъæлы у, æмæ уæ
уырнындзинад дæр дзæгъæлы у. 15Æмæ, кæд
мæрдтæн райгасы амал нæй, уæд мах дæр
Хуыцауæн разыниккам мæнгæвдисæнтæ,
уымæн æмæ Хуыцауы тыххæй дзуриккам,
зæгъгæ, Уый райгас кодта, Кæй нæ райгас
кодта, уыцы Чырыстийы. 16Уымæн æмæ, кæд
мæрдтæн райгасы амал нæй, уæд Чырысти
дæр нæ райгас. 17Æмæ, Чырысти кæд нæ
райгас, уæд уæ уырнындзинадæй пайда нæй
æмæ нырма уæ тæригъæдтæй не ссæрибар
стут. 18Уæд, Чырыстийыл æууæндгæйæ чи
амард, уыдон дæр бабын сты. 19Æмæ, кæд
Чырыстийыл æрмæстдæр ацы царды дарæм
нæ зæрдæ, уæд æппæт адæмы ’хсæн махæй
æнамонддæр нæй.

20Фæлæ Чырысти мæрдтæй райгас — чи
амарди, уыдонæй фыццаг Уый райгас. 21Уы-
мæн æмæ, мæлæт адæймаджы руаджы куыд
у, афтæ Адæймаджы руаджы у мæрдтæй
райгас дæр. 22Адамимæ иууылдæр куыд
мæлынц, афтæ иууылдæр райгас уыдзысты
Чырыстиимæ, 23алчидæр йæ рæстæджы:
фыццаг Чырысти, Чырысти куы ’рцæуа, уæд
та — йæхионтæ. 24Уый фæстæ æрцæудзæн
кæрон. Чырысти æппæт æнæбуар хицæутты,
барджынты æмæ тыхджынты куы басæт-
та, уæд Паддзахад ратдзæни Фыдмæ — Ху-
ыцаумæ. 25Уымæн æмæ Чырысти хъуамæ
паддзахиуæг кæна, цалынмæ Йын Хуыцау
æппæт знæгты Йæ къæхты бын æрæвæра,
уæдмæ. 26Бабын уыдзæн фæстаг знаг — мæ-
лæт. 27Уымæн æмæ Чырыстийæн Хуыцау
«æппæт Йæ къæхты бын æрæвæрдта». Кæд
загъд у «æппæт Ын Йæ къæхты бын æрæ-
вæрдта», уæддæр бæлвырд у — ам ныхас
нæ цæуы Чырыстийы къæхты бын æппæт
æрæвæрæг Хуыцауæн Йæхиуыл. 28Хуыцау
Ын æппæт Йæ дæлбар куы бакæна, уæд
Фырт Йæхæдæг дæр бацæудзæн, æппæт
Ын Йæ дæлбар Чи бакодта, Уый дæлбар, æмæ
Хуыцау алцæмæн дæр æмæ алкæмæн дæр
уыдзæн иунæг Хицау.

29Науæд мæрдты сæраппонд цæй охыл
райсынц аргъуыд? Кæд мæрдтæн райгасы
амал нæй, уæд цæмæн райсынц аргъуыд
мæрдты сæраппонд? 30Æмæ мах дæр æрвыл-
сахат цæй тыххæй вæййæм тæссаг уавæрты?
31Æфсымæртæ, æз алы бон дæр мæлгæ кæ-
нын: нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы руаджы
сымахæн цы сарæзтон, æз уымæй буц дæн,
æмæ мын уый дæтты афтæ зæгъыны бар.
32Æз Эфесы хъæддаг сырдтимæ куы тох код-
тон, уæд мæ нысан кæд зæххон уыди, уæд

мын уымæй цы пайда ис? Кæд мæрдтæ æгас
нæ кæнынц, уæд «байдайæм хæрын æмæ ну-
азын, уæддæр райсом мæлгæ кæндзыстæм!»
33 Ма фæсайды ут: «Æвзæр æмбæлттæ хорз
миниуджытæ сафæг сты».
34 Куыд æмбæлы, афтæ уæхи æрæмбарут
æмæ тæригъæды мауал æфтут. Уæ худина-
джы тыххæй уын æй зæгъдзынæн: сымахмæ
ис, Хуыцауы чи нæ зоны, ахæмтæ.
35 Исчи бафæрсдзæн: «Куыд райгас уыдзыс-
ты мæрдтæ? Æмæ цавæр буары æрцæудзыс-
ты?» 36 Æнæзонд, ды цы тауыс, уый нæ райгас
уыдзæни, куынæ амæла, уæд. 37 Æмæ, ды куы
фæтауыс, уæд фидæны буар нæ тауыс, фæлæ
бæгънæг нæмыг, мæнæуы нæмыг уа æви æн-
дæр истæй нæмыг. 38 Фæлæ йын Хуыцау дæт-
ты, цавæр Æй фæнды, ахæм буар, æмæ афтæ
алы нæмыгæн дæр — йæхи буар. 39 Буæрттæ
та æмхуызон не сты. Адæмæн иу буар ис,
цыппæркъахыг цæрæгойтæн — æндæр буар,
мæргътæн — æндæр, кæсæгтæн — æндæр.
40 Ис æрвон буæрттæ æмæ зæххон буæрттæ:
æрвонтæн иу кад ис, зæххонтæн — æндæр,
41 æндæр кад ис хурæн, æндæр кад — мæйæн,
æндæр кад — стъалытæн. Сæ кадмæ гæсгæ
иу стъалы иннæйы хуызæн нæу.
42 Афтæ уыдзæн, мæрдтæ куы райгас уой,
уæд дæр: байтыдæуы æмбигæйæ, райгас
вæййы æнæмæлгæйæ; 43 байтыдæуы ницæ-
йагæй, райгас вæййы кадджынæй; байтыдæ-
уы лæмæгъæй, райгас вæййы тыхджынæй;
44 байтыдæуы æрдзон буар, райгас вæййы
монон буар. Ис æрдзон буар, ис монон буар.
45 Сыгъдæг Фыст дæр афтæ зæгъы: «Фыццаг
адæймаг — Адам — сси удгоймаг», фæстаг
Адам та сси царддæттæг Уд. 46 Раздæр вæййы
монон нæ, фæлæ æрдзон, монон та — æр-
мæстдæр уый фæстæ. 47 Фыццаг адæймаг у
зæххон, сыджытæй конд, дыккаг Адæймаг
та — уæларвон. 48 Сыджытæй конд фыццаг
адæймаг цавæр у, ахæм сты æппæт зæххонтæ
дæр, æмæ Уæларвон цавæр у, ахæм уыдзыс-
ты уæларвонтæ дæр. 49 Æмæ мах, сыджытæй
конд адæймаджы хуызæн куыд уыдыстæм,
афтæ уыдзыстæм Уæларвоны хуызæн дæр.
50 Зæгъын уын, æфсымæртæ: фыд æмæ
тугæн Уæларвон Паддзахадмæ бацæуын сæ
бон нæу, æмæ, мæлæт тых цæуыл кæны, уый
æнæмæлгæ нæ уыдзæн. 51 Зæгъын уын сусæг-
дзинад: мах не 'ппæт дæр нæ амæлдзыстæм,
фæлæ не 'ппæт дæр фендæрхуызон уыдзыс-
тæм. 52 Уайтæккæ, цæсты фæныкъуылдмæ,
куыддæр фæстаг сыкъауадындз ныууаса,
афтæ. Сыкъауадындзы уастмæ мæрдтæ рай-
гас уыдзысты, мæлæт сын нал уыдзæн, мах
та фендæрхуызон уыдзыстæм. 53 Уымæн
æмæ, чи æмбийы, нæ уыцы буар хъуамæ
суа æнæмбигæ, æмæ, мæлæт тых цæуыл
кæны, уый хъуамæ суа æнæмæлгæ. 54 Ацы
æмбигæ буар æнæмбигæ куы суа æмæ мæ-
лæт тых цæуыл у, уый æнæмæлгæ куы суа,
уæд сæххæст уыдзæни, Сыгъдæг Фысты цы
загъд ис, уый:

«Мæлæт сæфт æрцыд! Уæлахиз!
55 Мæлæт! Кæм ис дæ уæлахиз?
Мæлæт! Кæм ис дæ маргæйдзаг фат?»

56 Тæригъæд — уый у мæлæты маргæйдзаг
фат; тæригъæд та хъару Æгъдауæй райсы.
57 Бузныг Хуыцауæй — Уый нын нæ Бардарæг
Йесо Чырыстийы руаджы дæтты уæлахиз!
58 Уæдæ, мæ уарзон æфсымæртæ, ут фидар,
æнæфæцудгæ, иудадзыг æмæ зæрдиагæй
кусут Бардарæгæн; уæ фæллойы тыххæй
Бардарæгæй æнæ хæрзиуæгæй кæй нæ баз-
зайдзыстут, уый зонут.

**16** Ныр та сыгъдæджытæн æххуысы тых-
хæй. Сымах хъуамæ бакæнат, æз Галатийы
аргъуантæн куыд бафæдзæхстон, афтæ.
2 Къуыриййы фыццаг бон сымахæй алчидæр,
йæ къух куыд амоны, афтæ йæ мулкæй ра-
хицæн кæнæд, цæмæй, куы уæм æрцæуон,
уæд уыцы æххуыс æмбырдгæнинаг мауал уа.
3 Куы æрцæуон, уæд, аккагыл кæй баны-
майат, уыдоны фыстæджытимæ арвитдзы-
нæн Йерусалиммæ, цæмæй уын уæ лæвар
фæхæццæ кæной.
4 Кæд дзы уыцы сæр бахъæуа, æмæ мæ-
хæдæг ацæуон, уæд уыдон дæр мемæ
ацæудзысты.
5 Æз уæм æрцæудзынæн, æгас Македони-
йыл куы æрзилон, уæд. Уымæн æмæ мæ зæр-
ды Македонийыл æрзилын ис. 6 Афæстиат
уæм уыдзынæн, æвæццæгæн. Чи зоны, мæ
зымæг дæр сымахмæ арвитон, æмæ мæ уый
фæстæ сымах срæвдз кæндзыстут фæндаг-
мæ, дарддæр кæдæм цæуон, уырдæм. 7 Нæ
мæ фæнды сымахмæ æхстуадæй бауайын —
Бардарæджы фæндæй, иу цасдæр уæм кæй
фæуыдзынæн, ууыл мæ зæрдæ дарын.
8 Эфесы та фæуыдзынæн Къуырийы бæ-
рæгбонмæ — 9 кæд мæ ныхмæлæуæджытæ
бирæ сты, уæддæр мын уым ис сæрибар
æмæ æнтыстджынæй кусыны фадат. 10 Кæд
уæм Тимофей æрцæуа, уæд бацархайут, сы-
махмæ йын æдас цæмæй уа, ууыл. Уымæн
æмæ уый дæр мæнау Бардарæгæн кусы.

**15:55** Фæстæдæры къухфыстыты ацы бынат у афтæ: «*Мæлæт! Кæм ис дæ маргджын фат? Мæрдты бæстæ! Кæм ис дæ уæлахиз?*»

11 Æнæрвæссонтæ йыл мачи кæнæд. Ифтонгæй йæ фарнимæ афæндараст кæнут, цæмæй æрцæуа мæнмæ — иннæ æфсымæртимæ йæм æнхъæлмæ кæсын.
12 Ныр та не 'фсымæр Аполлосы тыххæй. Æз æм тынг æрхатыдтæн, цæмæй æфсымæртимæ сымахмæ ацæуа, фæлæ йæ ныртæккæ уый ницы хуызы бафæндыд; фадат ын куы фæуа, уæд уæм ацæудзæн.
13 Къæрцхъус ут, фидар уырнындзинад уæм уæд, æхсарджын æмæ хъæддых ут. 14 Уæ алы хъуыддаг дæр уарзондзинадимæ аразут.
15 Ахайы фыццаг чи баууæндыди, уыдон Стефан æмæ йæ хæдзаронтæ кæй уыдысты æмæ сыгъдæджытæн лæггад кæнынæн сæхи кæй снывонд кодтой, уый уын зындгонд у. Курын уæ, æфсымæртæ, 16 ахæмты, стæй ма уыцы хъуыддаджы семæ чидæриддæр фæллой кæны, уыдоны коммæ кæсут. 17 Сымах мемæ кæй не стут, уый мын баххæст кодтой Стефан, Фортунат æмæ Ахаик. Райын се 'рцыдыл. 18 Сымахау мæнæн дæр удæнцой æрхастой. Ахæмтæ уæм нымады уæнт!
19 Салам уын æрвитынц Азийы аргъуантæ; Бардарæгимæ иудзинады фæрцы уын зæрдиаг салам — Акилæ æмæ Прискиллæйæ, стæй, сæ хæдзары цы аргъуан æмбырд кæны, уымæй дæр. 20 Саламтæ уын æрвитынц æфсымæртæ иууылдæр. Æфсымæрон байæ салам дæттут кæрæдзийæн.
21 Ныр та фыссын мæхи къухæй: салам уын Павелæй. 22 Бардарæджы [Йесо Чырыстийы] чи нæ уарзы, уый æлгъыст у. Марана та! 23 Нæ Бардарæг Йесойы хорзæх уæ уæд! 24 Йесо Чырыстиимæ иудзинады фæрцы мын уе 'ппæт дæр стут уарзон адæм!

**16:22** Арамейаг æвзагыл амоны «Æрцу, Хицау».

# Апостол Павелы дыккаг фыстæг коринфæгтæм

Коринфы уырнæг адæмы æхсæнадыл Павелы уайдзæфтæ æмæ амындтытæ сахадыдтой, куыд æмбæлы, афтæ. Тæригъæды чи бацыд, уыцы коринфæгтæй бирæтæ басастысты сæ аххосыл æмæ сæ фæндыдис Павелимæ бафидауын. Фæлæ ма уæддæр иуæй-иутæ дзырдтой Павелы ныхмæ. Уымæ гæсгæ ма сæм Павелы бахъуыдис ноджыдæр иу фыстæг арвитын, Македонийы куы уыдис æмæ та ногæй Коринф бабæрæг кæнынмæ йæхи куы цæттæ кодта, уæд.

Ацы фыстæг у Павелы фыстæджытæн сæ тæккæ хæццæ-мæццæдæр – чи зоны æмæ йе 'нкъарæнты схæлбурцъы аххосæй. Иуæй-иу иртасджытæ афтæ нымайынц, цыма ацы фыстæг арæзт у, Павел коринфæгтæм кæй ныффыста æмæ фæстæдæр иугонд чи æрцыд, дыууæ-æртæ ахæм фыстæгæй.

Цыфæнды ма уæд, уæддæр фыстæг адих кæнæн ис æртæ сæйраг хайыл:

1. Павелы цин Коринфы æхсæнадимæ бафидауыны фæдыл æмæ йе 'рфыст Чырыстийæн апостолы лæггад кæныны тыххæй (1–7 сæртæ).

2. Ныстуан Йерусалимы мæгуыргур чырыстæттæн зæрдиаг æхxуыс бакæныны тыххæй (8–9 сæртæ).

3. Павелы хъуыды мæнгахуыргæнджыты даутæй хи хъахъхъæныны тыххæй æмæ йæ басидт коринфæгтæм, цæмæй сыл ма æуууæндой (10–13 сæртæ).

---

**1** Павелæй, Хуыцауы фæндæй Йесо Чырыс-
тийы апостолæй, æмæ не 'фсымæр Тимофе-
йæ – Хуыцауы аргъуанмæ Коринфы, стæй
æгас Ахайы æппæт сыгъдæджытæм.
2Хорзæх æмæ уын фарн – Хуыцауæй, нæ
Фыдæй, æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.
3Арфæгонд уæд нæ Бардарæг Йесо Чырыс-
тийы Хуыцау æмæ Фыд, нæ фæлмæнзæрдæ
Фыд æмæ нæ ныфсдæттæг Хуыцау. 4Уый
махæн нæ ныфс у нæ алы зындзинады дæр,
цæмæй, зынтæ чи æвзары, уыдонæн та мах
лæууæм се 'нцой, Хуыцау нæхицæн не 'нцой
кæй лæууы, уый фæрцы. 5Уымæн æмæ мах
Чырыстийы хъизæмæрттæй цас фылдæр
хайджын разынæм, уыйас нын Чырысти
дæр дæтты фылдæр ныфс. 6Кæд мах хъи-
зæмар кæнæм, уæд нæ хъизæмар у сымах
ныфс бауадзыны æмæ уæ фервæзыны сæ-
раппонд. Кæд мах бауагъдæуы ныфс, уæд
уый у сымахæн ныфс раттыны сæраппонд.
Уыцы ныфсы руаджы сымах фæразонæй
фæбыхсут, мах дæр кæй æвзарæм, уыцы
хъизæмæрттæн. 7Нæ зæрдæ уыл фидарæй
дарæм. Уымæн æмæ зонæм: кæд хайджын
стут нæ хъизæмæрттæй, уæд хайджын стут,
мах ныфс цæмæй ис, уымæй дæр.
8Фæнды нæ, æфсымæртæ, цæмæй сымах
зонат, мах Азийы цы зынтæ бавзæрстам, уый
тыххæй. Мах ахæм стыр хъизæмары хай
фестæм, æмæ удæгасæй баззайыны æнхъæл
нал уыдыстæм. 9Афтæ нæм касти, цыма нын
мæлæты тæрхон рахастæуыд. Уыцы фыдæв-
зарæны бахаудыстæм, цæмæй нæ зæрдæ
нæхиуыл нæ, фæлæ мæрдты æгасгæнæг
Хуыцауыл дарæм. 10Мах кастыстæм мæлæ-
ты дзыхмæ, æмæ нæ дзы Хуыцау бахызта.
Нæ зæрдæ дарæм, Уый та нæ ногæй кæй
фервæзын кæндзæни, 11сымах дæр ма нын
куы куват, уæд. Æмæ бирæтæ бузныг зæгъ-
дзысты Хуыцауæн, бирæты куывдмæ гæсгæ
ныл хæрзаудæн кæй кæны, уый тыххæй.
12Нæхицæй мæнæ цæмæйты хъал стæм:
зæххыл мах, уæлдайдæр та сымахимæ абар-
гæйæ, цæрæм, Хуыцауæн фæндон куыд уа,
афтæ – хæдæфсарм æмæ æнæхинæй; адæй-
маджы зондмæ гæсгæ нæ, фæлæ Хуыцауы
хорзæхмæ гæсгæ. Уымæн нæ зæрдæ – не
'вдисæн. 13Цы зонут æмæ уæ бон бакæсын
цы у, уымæй уæлдай уæм ницы фыссæм,
æмæ мæ зæрдæ дарын, кæй нæ бамбардзыс-
тут кæронмæ. 14Иу цасдæр нæ ныридæгæн
дæр куыд бамбæрстат, афтæ: нæ Бардарæг
Йесойы æрцыды бон сымах буц уыдзыстут
махæй, мах та – сымахæй.
15Æз ууыл фидарæй кæй æууæндын, уы-
мæ гæсгæ мæ фæндыди сымахмæ раздæр

æрцæуын, цæмæй уыл дыууæ хатты сæмбæ-
ла хорзæх. 16Мæ зæрды уыди, Македонимæ
цæугæйæ, сымахмæ фездæхын, стæй уæм
Македонийæ ногæй æрцæуын, цæмæй мæ
сымах Иудеймæ цæуынмæ срæвдз кæнат.
17Ахæм фæнд мæм кæй уыди, уый мæ рæу-
зондæй у? Æви мæм цы фæндтæ вæййы,
уыдон адæймаджы зондæй æвзæрынц, æмæ
уыцы иу рæстæг «о» æмæ «нæ» фæзæгъын,
мыййаг? 18Хуыцау Йæ дзырд нæ сайы æмæ
æвдисæн у, мах уын цы фæзæгъæм, уый уы-
цы иу рæстæг «о» æмæ «нæ» кæй нæу. 19Æз,
Силуан æмæ Тимофей сымахæн Кæй тых-
хæй дзырдтам, Хуыцауы уыцы Фырт Йесо
Чырысти уыцы иу рæстæг «о» æмæ «нæ» нæ
уыди, фæлæ æрмæст «о» у. 20Уымæн æмæ,
Хуыцау зæрдæ цæмæй æвæры, уыдон иууыл-
дæр Чырыстийы фæрцы сты «о» — сæххæст
вæййынц. Уымæ гæсгæ, Хуыцауæн кад куы
фæкæнæм, уæд Чырыстийы руаджы фæзæ-
гъæм «аммен». 21Чырыстиимæ иугондæй
махæн сымахимæ хъару Чи дæтты, уыцы
Хуыцау нæ равзæрста Йæхицæн. 22Æмæ
Йæ адæм кæй стæм, зæрдæ нын цæмæй
бавæрдта, уыдæттæ кæй райсдзыстæм, уый
равдисынæн уал нын Хуыцау нæ зæрдæты
æрцæрын кодта Йæ Сыгъдæг Уд.

23Хуыцау уыны мæ зæрдæ æмæ мын у æв-
дисæн: æз Коринфмæ ныронг не 'рцыдтæн,
кæй уыл ауæрдын, æрмæстдæр уый тыххæй.

24Хъуыддаг уый мидæг нæй, æмæ мах уæ
уырнындзинадæн æлдариуæг кæнæм. Мах
уе 'мкусджытæ стæм уæ цины сæраппонд,
уымæн æмæ фидар у уæ уырнындзинад.

**2** Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ мæхицæн
хуыздæрыл банымадтон сымахмæ нæ ацæ-
уын, цæмæй та уын ногæй зæрдæхъыджы
хос ма разынон. 2Хъыджы уæ куы бафтауон,
уæддæр мын мæ зæрдæ чи барухс кæндзæн,
хъыджы кæй бафтыдтон, уыдоны йеддæмæ?
3Фысгæ дæр уæм уый тыххæй ныккодтон,
цæмæй уæм куы æрцæуон, уæд мæ маст ма
бауадзой, мæ зæрдæ кæмæй хъуамæ барухс
уа, уыдон. Уырны мæ: мæ цин уе 'ппæты цин
дæр у. 4Æз уæм мæстджынæй æмæ зæрдæ-
рыстæй, бирæ цæссыг калгæйæ, масты уæ
бафтауыны тыххæй нæ ныффыстон, фæлæ
цæмæй сымах базонат, æз уæ куыд бирæ
уарзын, уый.

5Æмæ кæд исчи искæй зæрдæйы маст ба-
уагъта, уæд уымæй мæн не смæстджын кодта,
фæлæ — ныхас æгæр карз куыд нæ рауайа,
афтæ мæ фæнды — иу цасдæр уе 'ппæты
дæр. 6Уыцы адæймагæн æгъгъæд фæуæд,
уæ фылдæрæй цы æфхæрд баййæфта, уый.
7Ныр та уын хуыздæр у уымæн ныббарын
æмæ йæ барæвдауын, цæмæй йæ хъыг ма
фегæр уа. 8Уымæ гæсгæ уæ курын уæ уарзт
æм хъуыддагæй равдисын. 9Фысгæ дæр уæм,
алы хъуыддаджы дæр коммæгæс стут æви
нæ, уый бафæлварыны тыххæй ныккодтон.
10Кæмæн хатыр кæнут, уымæн æз дæр ха-
тыр кæнын. Æз цы ныббарстон (кæд уæвгæ
исты ныббарстон), уæд æй Чырыстийы раз
уæ сæраппонд ныббарстон, 11цæмæй нын
сайтан зиан ма æрхæсса — йæ фыдвæндтæ
нын зындгонд сты.

12Троадæмæ Чырыстийы тыххæй Фарны
Уац хъусын кæнынмæ куы æрцыдтæн, уæд
мын уыцы куыстæн кæд Бардарæг дуæрттæ
байгом кодта, 13уæддæр мæ уд æнцой нæ
зыдта, уымæн æмæ ме 'фсымæр Тит уым нæ
разынди. Уымæ гæсгæ сын хæрзбон загътон
æмæ ацыдтæн Македонимæ.

14Бузныг Хуыцауæй — Уый нæ уæлахиз-
дзаутау кæддæриддæр хоны Чырыстийы
фæдыл. Чырыстийы уац æхцон хæрздæфау
Хуыцау мах руаджы парахат кæны алы ран
дæр. 15Уымæн æмæ махæй цæуы Чырыстийы
уацы хæрздæф, æмæ уый Хуыцауы кадæн
у. Уыцы хæрздæф æнхъæвзы фервæзыны
фæндагыл цæуджытыл дæр æмæ сæфты
фæндагыл цæуджытыл дæр. 16Иутæн уый
у мæлæты тæф мæлынæн, иннæтæн та —
царды хæрздæф цæрынæн. Адæмæй исчи
разындзæн, мыййаг, ахæм куысты аккаг?
17Бирæтæ цæстфæлдахджытау зыгъуыммæ
кæнынц Хуыцауы ныхас. Мах уыдонæй не
стæм — Хуыцауы номæй æмæ Хуыцауы раз
дзурæм сыгъдæгзæрдæйæ, Чырыстиимæ
æмудæй.

**3** Афтæ нæ уайы, цыма та уын мах дæр но-
гæй, мæнæ куыд хорз стæм, зæгъгæ, нæхи
бацамонынил архайæм? Кæйдæрты сæ-
хицæй æппæлыны сæр куыд хъæуы, афтæ
махмæ дæр хъуамæ ахæм фыстæджытæ уа
сымахæн равдисынæн, кæнæ уын сæ уæхи-
цæй хъуамæ райсæм?

2Сымах уæхæдæг стут нæ фыстæг! Уый
нæ зæрдæты фыстæй лæууы, алкæмæн дæр
зындгонд у, алчидæр æй, йæ бон у, æмæ
бакæса. 3Нæ фæллойы руаджы Чырыстийы
фыстæг кæй стут, уый уыны алчидæр. Уыцы
фыстæг милдонæй фыст нæу — цардæгас
Хуыцауы Уды фыст ис; къæйдуртыл фыст
нæу, фæлæ зæрдæйы къултыл.

4Уый æнæмæнг афтæ кæй у, уыыл Хуы-
цауы раз фидарæй æууæндæм Чырыстийы

руаджы. 5Уый тыххæй нæ, æмæ нæхæдæг
истæмæн бæззæм. Мах афтæ нæ нымайæм,
æмæ нæм нæхи цавæрдæр курдиат ис. Нæ!
Цы нæм ис, уый Хуыцауæй лæвæрд у. 6Хуы-
цау махæн радта Йæ Ног Фидыды кусджыты
арæхстдзинад. Уыцы ног фидыдмæ гæсгæ
Хуыцау ныр фыст æгъдау нал дæтты, фæлæ
хай кæны Йæ Удæй. Уымæн æмæ фыст æгъ-
дау маргæ кæны, Уд та цард дæтты.

7Йæ бындур къæйдуртыл фыст дамгъæ-
тæ кæмæн уыдисты, кæд уыцы мæлæт-
хæссæг куыст афтæ намысджын уыд, æмæ
рæстæгмæ тæмæнтæ чи калдта, Моисейы
уыцы цæсгоммæ кæсын Израилы адæм нæ
фæрæзтой, 8уæд Уды фæрцы кусын та бирæ
намысджындæр нæу, æви? 9Æгъдауæн лæг-
гадæй тæрхойнаг фæуæн уыдис, æмæ кæд
уый скадджын ис, уæд цас кадджындæр
хъуамæ уа, адæймаджы цы куыст раст кæны,
уый! 10Кæддæр кадджын цы уыди, уый ныр
кадджын нал у, уымæн æмæ фæци ноджы
кадджындæры аууон. 11Кæрон кæмæн хъу-
амæ æрцыдаид, кæд уый намысджын уыд,
уæд, кæрон кæмæн не 'рцæудзæн, уый та
цас æмæ цас намысджындæр у!

12Махмæ ис ахæм ныфс æмæ архайæм
æргом, æдæрсгæ; 13нæ фæзмæм Моисейы —
уый æмбæрзта йæ цæсгом, рæстæгмæ цы у,
уымæн йæ кæрон Израилы адæм куыд нæ
уыной, афтæ. 14Нырма дæр сæ зонд куырм
у. Рагон Фæдзæхст куы фæкæсынц, уæд ыл
уыцы æмбæрзæн тыгъд у, уымæн æмæ йæ
Чырысти хъуамæ сиса. 15Абон дæр ма, Мо-
исейы Æгъдау кæсгæйæ, æмбæрзæн тыгъд
у сæ зæрдæтыл. 16Фæлæ, Бардарæгмæ куы
æрцæуынц, уæд уыцы æмбæрзæн айстæуы.
17Бардарæг у Уд, æмæ, Бардарæджы Уд кæм
ис, сæрибар дæр уым ис. 18Мах не 'ппæт дæр
гом цæсгомимæ кæсæм Бардарæджы кадмæ,
уыцы кад зыны махыл дæр æмæ нæ кæны
Бардарæджы хуызæн — уый аразы Бардарæг,
Уый та у Уд.

**4** Ахæм куыст нын Хуыцауы хорзæхы фæр-
цы лæвæрд у, æмæ нæ ныфс нæ сæтты. 2Ма-
хæн иумæйагæй ницы ис, сæ худинаггагмæ
гæсгæ кæй фембæхсынц, ахæм митимæ,
нæ архайæм хинæй æмæ Хуыцауы Дзырд
зыгъуыммæ нæ кæнæм. Мах æргомæй хъу-
сын кæнæм æцæгад, æмæ нын Хуыцауы
раз аргъгæнæг уæд алы адæймаг дæр. 3Мах
кæй хъусын кæнæм, уыцы Фарны Уац кæд
искæмæн нæу æргом, уæд — сæфты къахыл
лæуджытæн. 4Ацы дунейы хуыцау уыцы
æнæуырнджыты бакуырм кодта, æмæ нæ
уынынц Чырыстийы, Хуыцауы Халдихы,
кадылдзурæг Фарны Уацы тæмæнкалгæ рухс.
5Мах нæхи тыххæй нæ хъусын кæнæм, фæлæ,
Йесо Чырысти Хицау кæй у, уый тыххæй; мах
та Йесойы сæраппонд уæ цагъартæ стæм.
6Уымæн æмæ афтæ Чи загъта: «Талынгæй
сæрттивæд рухс», уыцы Хуыцау нæ зæрдæты
ссыгъта рухс, æмæ мах базыдтам Хуыцауы
намыс — уый æнхъæвзы Йесо Чырыстийæ.

7Фæлæ уыцы хæзна мах хæссæм æлыгæй
конд мигæнæнты — нæ буæртты, цæмæй
бæлвырд уа: ахæм æгæрон тых нæхицæй нæу,
Хуыцау æй дæтты. 8Мах ссæндынц алырды-
гæй, фæлæ нæ басæттын нæ фæразынц; цы
гæнгæ нын у, уый нал фæзонæм, фæлæ нæ
ныфс нæ асæтты; 9æфхæрынц нæ, фæлæ нæ
Хуыцау нæ ныуууагъта; æрыссæндынц нæ,
фæлæ нæ мæлæм. 10Мах нæ буары кæддæ-
риддæр хæссæм Йесойы мæлæт, цæмæй нæ
буары разына Йесойы цард дæр. 11Уымæн
æмæ мах, удæгæстæ, Йесойы сæраппонд
иудадзыг кæсæм мæлæты дзыхмæ, цæмæй
нæ мæлинаг буары йæхи равдиса Йесойы
цард дæр. 12Мæлæт нæ цух нæ уадзы, цæ-
мæй сымах цæрат.

13Сыгъдæг Фыст афтæ цы уырнындзи-
нады тыххæй зæгъы: «Æз æууæндыдтæн,
æмæ уымæ гæсгæ дзырдтон», нæ удмæ дæр
уыцы уырнындзинад ис, æмæ уымæ гæсгæ
мах дæр æууæндæм æмæ дзурæм. 14Мах
зонæм: Бардарæг Йесойы Чи райгас кодта,
Уый мах дæр Йесоимæ райгас кæндзæни
æмæ нæ Йæ разы æрлæууын кæндзæни уæ
фарсмæ. 15Æппæт уыдæттæ сты уæ сæрап-
понд, цæмæй Хуыцауы хорзæх анхъæвза
бирæ адæмыл æмæ расайа бирæ арфæтæ
Хуыцауы кадæн.

16Уымæ гæсгæ нæ ныфс нæ сæтты. Æмæ
кæд не 'ддаг агъуд хæррæгъ кæны, уæд ми-
дæгæй та бонæй-бонмæ ногдæр кæнæм. 17Нæ
уæлæнгай хъизæмæрттæ цыбыр рæстæгмæ
сты — уыдон махæн æрхæсдзысты, æмбал
кæмæн нæй, мыггагмæйы ахæм стыр кад.
18Уымæн æмæ мах кæсæм, цæстæй цы уы-
нæм, уымæ нæ, фæлæ цæстæй цы нæ уынæм,
уымæ. Цæстæй цы уынæм, уый рæстæгмæ у,
цæстæй цы нæ уынæм, уый та у мыггагмæ.

**5** Мах зонæм: нæ зæххон хæдзар, ацы хала-
гъуд, куы ныккæла, уæд нын уæлæрвты ис
цæрæнуат — адæймаг нæ, фæлæ Хуыцау кæй
саразта, уыцы мыггагмæйы хæдзар. 2Ныр
та уал хъæрзæм — бæллæм нæ уæларвон

**4:4** *Ацы дунейы хуыцау* – сайтан.

буары ӕрцӕрынмӕ. 3Уӕдӕ нӕ зӕххон агъуд
куы аппарӕм, уӕд дӕр бӕгънӕг нӕ уы-
дзыстӕм. 4Мах цалынмӕ ацы халагъуды
цӕрӕм, уӕдмӕ хъӕрзӕм. Уый тыххӕй нӕ,
ӕмӕ нӕ зӕххон агъудӕй рахизын фӕнды
мах; мах бӕллӕм уӕларвон агъуды бацӕ-
уынмӕ, мӕлинаг агъуд цард куыд аныхъу-
ыра, афтӕ. 5Хуыцау нӕ фӕлдисгӕ дӕр уый
тыххӕй скодта; ӕмӕ, афтӕ кӕй уыдзӕн,
уый равдисынӕн уал нӕ схайджын кодта
Йӕ Сыгъдӕг Удӕй.
6Мах кӕддӕриддӕр ныфсджын уымӕн
стӕм, ӕмӕ зонӕм: цалынмӕ нӕ буары стӕм,
уӕдмӕ — ӕцӕгӕлон ран, Бардарӕгӕй дард,
7цӕстӕй цы уынӕм, уый нӕ, фӕлӕ уырнын-
дзинады фӕрцы кӕй цӕрӕм, уымӕ гӕсгӕ.
8Стӕм ныфсджын ӕмӕ хуыздӕрыл ныма-
йӕм буарӕй рахизын ӕмӕ нӕхи хӕдзары,
Бардарӕгмӕ, ӕрцӕрын. 9Уӕдӕ, буары уӕм
ӕви нӕ, не стырдӕр фӕндиаг у Бардарӕджы
уарзонӕй цӕрын. 10Уымӕн ӕмӕ не ’ппæты
дӕр Чырыстийы тӕрхоны раз ӕрлӕууын
бахъӕудзӕни, цӕмӕй алкӕмӕн дӕр лӕ-
вӕрд ӕрцӕуа, йӕ буары ма куы уыди, уӕд
хорзӕй дӕр ӕмӕ ӕвзӕрӕй дӕр цы сарӕзта,
уымӕ гӕсгӕ.
11Мах зонӕм Бардарӕджы тас ӕмӕ ӕууӕн-
дын кӕнӕм адӕмы. Цы стӕм, уый Хуыцауӕн
зындгонд у; афтӕ ӕнхъӕл дӕн, ӕмӕ сымах
дӕр мах тыххӕй алцыдӕр зонут. 12Ногӕй та
уын нӕхи нӕ амонӕм, фӕлӕ уын дӕттӕм,
махӕй буц куыд уат, ахӕм фадат. Уӕд уӕ
бон ныххъуырд раттын уыдзӕни, зӕрдӕ-
йы нӕ, фӕлӕ, ӕдде цы ис, уымӕй хъал чи у,
уыдонӕн. 13Кӕд сонт стӕм, уӕд — Хуыцауы
сӕраппонд; нӕ зонд кӕд нӕхимӕ ис, уӕд —
сымах сӕраппонд.
14Кӕд иу амарди ӕппӕт адӕмы сӕрвӕлтау,
уӕд иууылдӕр амардысты — мах уый куы
бамбӕрстам, уӕдӕй фӕстӕмӕ Чырыстийы
уарзт немӕ ис. 15Чырысти амарди ӕппӕт
адӕмы сӕрвӕлтау, цӕмӕй удӕгӕстӕ сӕ-
хицӕн ма цӕрой, фӕлӕ цӕрой, уыдоны
сӕрвӕлтау Чи амард ӕмӕ райгас ис, Уымӕн.
16Уымӕ гӕсгӕ нырӕй фӕстӕмӕ адӕймаджы
цӕстӕй никӕмӕуал кӕсӕм. Кӕддӕр ахӕм
цӕстӕй кастыстӕм Чырыстимӕ, ныр та
Йӕм нал кӕсӕм. 17Уӕдӕ Чырыстиимӕ чи
ис, уый ног адӕймаг у — йӕ зӕронд цар-
дӕн ӕрцыд кӕрон, райдыдта йӕ ног цард.
18Ӕппӕт уыдӕттӕ сты, Чырыстийы фӕрцы
нӕ Йемӕ Чи бафидауын кодта ӕмӕ нын
адӕмы Йемӕ бафидауын кӕныны куыст Чи
бафӕдзӕхста, уыцы Хуыцауӕй. 19Мах хъу-
сын кӕнӕм: Хуыцау дунеимӕ Чырыстийы
фӕрцы бафидыдта — адӕмӕн ныббарста
сӕ тӕригъӕдтӕ. Ӕмӕ фидыды ныхас нӕ
бӕрны бакодта.
20Уӕдӕ Чырыстийы минӕвӕрттӕ стӕм
мах ӕмӕ, цыма Хуыцау Йӕхӕдӕг зӕгъы нӕ
дзыхӕй, уыйау Чырыстийы номӕй курӕм
сымахӕй: бафидаут Хуыцауимӕ. 21Тӕри-
гъӕдтӕ Кӕмӕ нӕ уыди, Уый мах сӕрап-
понд Хуыцау бафхӕрдта тӕригъӕдджыны
бафхӕрӕгау, цӕмӕй Йӕ фӕрцы сраст уӕм
Хуыцауы раз.

**6** Мах, Хуыцауы ӕмкусджытӕ, курӕм сы-
махӕй: Хуыцау уӕ цы хорзӕхӕй схайджын
кодта, уый уын дзӕгъӕлы ма фӕуӕд. 2Уы-
мӕн ӕмӕ Хуыцау зӕгъы:
«Хӕрзаудӕны афон дӕ фехъуыстон,
фервӕзыны бон дын баххуыс кодтон».
Ныртӕккӕ у хӕрзаудӕны афон, ныртӕккӕ
у фервӕзыны бон.
3Мах къуылымпыйы хос никӕмӕн стӕм,
цӕмӕй нын нӕ куыст мачи бафауа. 4Фӕ-
лӕ алы хъуыддаджы дӕр нӕхи ӕвдисӕм
Хуыцауы кусджытӕй — фӕразон стӕм нӕ
зынты, нӕ хъуӕгты, нӕ тыхст уавӕрты, 5над
ӕйййафгӕйӕ, ахӕстоны, змӕст уавӕрты,
уӕззау куысты, ӕгъуыссӕгӕй, ӕххормагӕй.
6Афтӕ кӕй у, уымӕн ӕвдисӕн — сыгъдӕг-
дзинад ӕмӕ зонынад, фидардзинад ӕмӕ
зӕрдӕйы хорз, Сыгъдӕг Уд ӕмӕ ӕнӕхин
уарзт, 7ӕцӕгдзинады дзырд, Хуыцауы хъа-
ру. Рӕстдзинад нӕ хотых у, дарӕм ӕй рахиз
къухы дӕр ӕмӕ галиуы дӕр. 8Мах вӕййӕм
нымад ӕмӕ ӕгад, фӕдзурынц нӕ ӕвзӕр
ӕмӕ хорз. Нымайынц нӕ фӕлитойтыл, мах
та стӕм раст; 9ӕнӕхъуыстгонд нӕ хонынц,
фӕлӕ нӕ бирӕтӕ зонынц; нымайынц нӕ
мардыл, фӕлӕ удӕгас стӕм; мардӕфхӕрд
нӕ кӕнынц, фӕлӕ нӕ мӕлӕм. 10Нӕ зӕр-
дӕйӕн нын маст кӕнынц, мах та иудадзыг
цин кӕнӕм; цыбыркъух стӕм, фӕлӕ бирӕ-
ты схъӕздыг кӕнӕм; ницы нӕм ис, фӕлӕ
алцӕмӕн хицау стӕм.
11Коринфӕгтӕ, мах уын ӕргомӕй дзурӕм,
гом уын сты нӕ зӕрдӕтӕ. 12Бынат уын ис нӕ
зӕрдӕты, махӕн та уӕ зӕрдӕты фаг бынат
нӕй. 13Мӕ хъӕбултӕн зӕгъӕгау уын зӕгъын:
сымах дӕр нын ӕй бафидут уымӕй — бынат
нын раттут уӕ зӕрдӕты.
14Ӕнӕуырнджытимӕ иу уӕрдоны уӕхи
ма баифтындзут. Рӕстдзинад ӕмӕ тӕри-
гъӕдӕн, рухс ӕмӕ талынгӕн иумӕйагӕй
исты ис, мыййаг? 15Чырыстийӕн Велиари-
мӕ бафидауӕн ис, мыййаг? Кӕнӕ уырнӕ-
джы цы бӕтты ӕнӕуырнӕгимӕ? 16Хуыцауы

хæдзарæн мæнгхуыцæуттимæ иумæйагæй
цы ис? Мах та стæм цардæгас Хуыцауы хæ-
дзар, Хуыцау Йæхæдæг куыд загъта, афтæ:
«Сæ зæрдæты æрбынат кæндзынæн
æмæ цæрдзынæн семæ;
æмæ уыдзынæн сæ Хуыцау,
уыдон та уыдзысты Мæ адæм.
17 Уымæ гæсгæ рацæут се 'хсæнæй
æмæ сæ рахицæн ут, — зæгъы
Хицау, —
сыгъдæг цы нæу, уымæй уæхи хизут,
æмæ уæ Æз æркæндзынæн Мæхимæ.
18 Æз сымахæн уыдзынæн Фыд,
сымах та уыдзыстут
Мæ фырттæ æмæ Мæ чызджытæ, —
зæгъы Æппæтылхæцæг Дунедарæг».

**7** Мæ уарзон хæлæрттæ, кæд æмæ нын
Хуыцау уыдæттæй зæрдæ бавæрдта, уæд
бавдæлæм æмæ, буар æмæ уд цæмæй фæ-
чъизи вæййынц, уыдæттæй нæхи ссыгъдæг
кæнæм, аргъуыцгæнгæ нæхи снывонд кæ-
нæм Хуыцауæн.
2 Уæ зæрдæты нын бынат раттут. Мах ни-
кæй хъыджы бацыдыстæм, никæмæн ра-
кодтам знаггад, никæмæй ницы райстам.
3 Уæ базылын кæныны тыххæй нæ зæгъын
афтæ. Амæй размæ дæр уын куы загътон:
уый бæрц уæ уарзæм, æмæ цæттæ стæм
уемæ амæлынмæ дæр æмæ цæрынмæ дæр.
4 Æз уыл тынг æууæндын, тынг буц уæ дæн.
Не стыр зынты дæр æз дæн ныфсджын, æмæ
кæрон нæй мæ цинæн.
5 Уымæн æмæ мах Македонимæ куы
æрцыдыстæм, уæд æппындæр æнцой нæ
зыдтам, уынгæджы бон ныл ныккодта: нæ
алыварс — тох, нæ зæрдæты — тас. 6 Фæлæ
Хуыцау, зæрдæсæстыты рæвдауæг, мах ба-
рæвдыдта Титы æрцыдæй, 7 æмæ æрмæст йе
'рцыдæй нæ, фæлæ, сымахæй йæ зæрдæ кæй
барухс, уымæй дæр. Уый нын радзырдта, мæ
фендмæ кæй бæллут, тынг кæй хъыг кæнут
æмæ разæнгардæй мæ фарс кæй стут, уый
тыххæй. Æмæ уæд ноджы тынгдæр бацин
кодтон. 8 Кæд уæ мæ фыстæгæй зæрдæхъы-
джы бафтыдтон — фæсмойнаг мын нæу. Æз
федтон: кæд цыбыр рæстæгмæ, уæддæр
уын мæ фыстæг æрхаста зæрдæхъыг, æмæ
йыл хъынцъыймаг фæдæн. 9 Ныр та райын —
зæрдæхъыджы кæй бафтыдыстут, ууыл нæ,
фæлæ уæ уыцы хъыг фæсмон кæй расайдта,
ууыл. Уæдæ уын ницы зиан æрхастам, уы-
мæн æмæ уæ хъыг Хуыцауæн фæндон у. 10 Ху-
ыцауæн фæндон цы хъыг у, уый расайы фæс-
мон, ахæм фæсмон та фервæзынмæ фæндаг
у æмæ хъынцъыймаг нæу. Дуне цы хъыг
дætты, уый та мæлæт расайы. 11 Кæсут-ма:
Хуыцауæн фæндон хъыг уæ куыд тынг æну-
выд скодта, куыд зæрдиагæй уæ бафæндыд
уæ ном бахъахъхъæнын, куыд тынг смæсты
стут, куыд егъау у уæ тас, куыд иузæрдион
ныл разындыстут, куыд тынг разæнгард стут
азымджыны бафхæрынмæ! Сымах алцæмæй
дæр равдыстат, уыцы хъуыддаджы сыгъдæг
кæй стут, уый. 12 Уæдæ уæм æз иугæр ныф-
фыстон, уæд æфхæрæджы сæраппонд дæр
æмæ æфхæрд баййафæджы сæраппонд дæр
нæ, фæлæ уын цæмæй Хуыцауы раз раргом
уа, куыд æнувыд ныл стут, уый.
13 Æмæ нæ уымæй барæвдыдтат.
Мах кæй барæвдыдтат, уымæй фылдæр
та Титы цинæ райæм — сымах ын уе 'ппæт
дæр фестут удæнцойы хос. 14 Уæдæ Титæн
цæмæйдæрты сымахæй кæй раппæлыдтæн,
уымæй къæмдзæстыгæй нæ баззадтæн. Мах
уын цы дзырдтам, уый æцæг куыд у, афтæ,
Титæн цæмæйты раппæлыдыстæм, уыдон
дæр раст рауадысты. 15 Куы æрымысы, йæ
коммæ куыд кастыстут, нымдгæнгæ йын
цы кад скодтат æмæ йын цы хорз фысым
фестут, уый, уæд йæ зæрдæйæн ноджы ад-
джындæр свæййут. 16 Мæнæн æхсызгон у, алы
хъуыддаджы дæр сымахæй ныфс æвæрæн
кæй ис, уый.

**8** Хъусын уын кæнæм, æфсымæртæ, Ма-
кедонийы аргъуантæн Хуыцау цы хорзæх
радта, уый тыххæй. 2 Уыдон фæлвæрд æр-
цыдысты стыр зынты, фæлæ уæддæр сæ
цинæн кæрон нæй; уыцы мæгуырæй дæр сæ
рæдаудзинадæн кæрон нæй. 3 Сæ къух цас нæ
амыдта, уый бæрц куыд лævæрдтой, уымæн
æз мæхæдæг æвдисæн дæн. 4 Хъуырыцъарæй
нын лæгъстæ кодтой, цæмæй сын бар рат-
тæм, æмæ уыдон дæр, сæ бон куыд у, афтæ
се 'ххуысы хай бакæной сыгъдæгджытæн.
5 Æнхъæл куыд уыдыстæм, уымæй ноджы
стырдæр æххуыс бакодтой! Сæхи уал раз-
дæр Бардарæгæн радтой, стæй та, Хуыцауы
фæндæй, махæн.
6 Уымæ гæсгæ мах куырдтам Титæй, уыцы
арфæйаг хъуыддаг куыд райдыдта, афтæ йæ
сымахмæ дæр кæронмæ куыд ахæццæ кæна.
7 Сымах алцæмæй дæр хъæздыг стут — ис
уæм уырныдзинад, зонынад, арæхсут дзу-
рынмæ, иудадзыг стут æнувыд, уарзут нæ.
Уæдæ ацы арфæйаг хъуыддаджы дæр уæхи
равдисут рæдауæй.
8 Æз афтæ бардзырд дæттыны хуызы нæ
зæгъын, фæлæ, иннæтæ æнувыд кæй сты,

уымæй фæлварын уæ уарзт — зæрдиаг у æви
нæ. 9Уымæн æмæ сымах зонут нæ Бардарæг
Йесо Чырыстийы хорзæх. Йесо хъæздыг
уыди, фæлæ уæ сæраппонд Йæхи сгæвзыкк
кодта, Йæ гæвзыккæй сымах куыд схъæздыг
уат, афтæ.
10Зæгъын уын мæ хъуыды: ацы хъуыддаг
уæ пайдайæн у, уымæн æмæ йæ суанг фарон
фыццаг сымах райдыдтат, стæй йæ саразыны
фæнд дæр фыццаг уæхицæй рацыд. 11Уæ-
дæ уыцы хъуыддаг ныр кæронмæ ахæццæ
кæнут. Йæ райдайын уæ куыд зæрдиагæй
фæндыд, афтæ йæ кæронмæ дæр ахæццæ
кæнут уæ фадæттæм гæсгæ. 12Нæ къух цас
амоны, уый бæрц зæрдиагæй куы дæттæм,
уæд уый Хуыцауæн фæндон у; цы нæм нæй,
уый Хуыцау нæ домы.
13Ныхас уыл нæ цæуы, æмæ иннæтæн
æнцондæр фæуа, сымахæн та — зындæр,
фæлæ алкæмæ дæр æмбæрц куыд уа. 14Ныр-
тæккæ æййафынц хъуаг, æмæ уæм уæлдай
цы ис, уымæй сæм фæкæсут. Иннæ хатт
та уæм уæ хъуæгты уыдон фæкæсдзысты,
уæлдай сæм цы уа, уымæй, уæ алкæмæ дæр
æмхуызон куыд уа, афтæ. 15Сыгъдæг Фыст
дæр афтæ зæгъы:

«Бирæ чи æрæмбырд кодта,
уымæ уæлдай нæ уыди,
къаддæр чи æрæмбырд кодта,
уый та хъуаг не 'ййæфта».

16Бузныг Хуыцауæй, мах уыл куыд æну-
выд стæм, афтæ Титæн дæр сымахыл æну-
выд уæвыны зæрдæ кæй радта, уый тыххæй.
17Уый уæм ныридæгæн фæцæуы, мах æм кæй
æрхатыдыстæм, æрмæст уый тыххæй нæ,
фæлæ йæ фыр æнувыдæй йæхи бафæндыд.
18Йемæ ма йын æрвитæм, Фарны Уац адæммæ
зæрдиагæй кæй хæссы, уый тыххæй æппæт
аргъуантæ дæр кæмæй æппæлынц, уыцы æф-
сымæры. 19Уымæй уæлдай ма йæ аргъуантæ
равзæрстой не 'мбæлццонæй дæр, мах кæй
аразæм, уыцы арфæйаг хъуыддаджы. Уыцы
куыст мах кæнæм Бардарæджы кадæн æмæ
йыл æнувыдæй кæй архайæм, уый равди-
сынæн. 20Уый тыххæй сæ æрвитæм, æмæ
нын не 'вджид кæй бакодтой, уыцы æххуыс
егъау у, æмæ нæхи хизæм, цæмæй нæ мачи
базылын кæна. 21Мах тырнæм, цæмæй æппæт
дæр нывыл уа æрмæст Бардарæджы цæсты
нæ, фæлæ адæмы цæсты дæр. 22Семæ ма сын
æрвитæм, бирæ хъуыддæгты йæхи æнувы-
дæй чи равдыста, нæ уыцы æфсымæры. Ныр
та ноджы æнувыддæр у, уымæн æмæ йæ
зæрдæ тынг дары сымахыл. 23Тит у ме 'мбал
æмæ ме 'мкусæг, сымахмæ цы куыст кæнæм,
уым. Иннæ æфсымæртæ та сты аргъуанты
минæвæрттæ, Чырыстийы кадæн кусджытæ.
24Уæдæ йæ аргъуантæ куыд феной, афтæ сын
хъуыддагæй равдисут уæ уарзт, стæй — сы-
махæй дзæгъæлы бузныг кæй не стæм, уый.

9 Æниу, сыгъдæджытæн æххуысы тыххæй
сымахмæ мæн фыссын дæр нæ хъæуы. 2Уы-
мæн æмæ уæ зæрдиагæй баххуыс кæнын
кæй фæнды, уый мæнæн зындгонд у, æмæ
мæхицæй æппæлын македойнæгтæн, Аха-
йы уырнджытæ суанг ивгъуыд азæй нырмæ
æххуысмæ цæттæ сты, зæгъгæ. Æмæ, сымах
æнувыд кæй стут, уый бирæты сразæнгард
кодта. 3Æфсымæрты та æз уый тыххæй
æрвитын, цæмæй уæ кæй раппæлыдтæн,
уый дзæгъæлы ма фæуа — æз сымахæй
куыд дзырдтон, афтæ цæттæ уат. 4Мемæ
македойнæгтæ куы æрцæуой, уæд уæ æдзæт-
тæйæ ма æрæййафой; тынг ныфсджын уæ
кæй уыдыстæм, — ам уæ кой кæнын уæвгæ
дæр нал хъæуы, — уый махæн худинаг куыд
нæ расайа. 5Уымæ гæсгæ æз бакæнинагыл
банымадтон æфсымæртæм æрхатын, цæ-
мæй уæм ацæуой нæ разæй æмæ рагацау
æрцæттæ кæной, раздæр ныфс кæмæй ба-
вæрдтат, уæ уыцы зæрдиаг æххуыс. Æмæ
уæд уыдзæн æнæбары раттынау нæ, фæлæ
æцæг зæрдиаг æххуыс.
6Уæ зæрдыл дарут: чъынды тауæгæн йæ
хор дæр мæгуырау уыдзæни, рæдауæй чи
тауы, уымæн та йæ хор тугыл аскъуыйдзæн.
7Йæ цæст цас уарзы, алчидæр уый бæрц
хъуамæ ратта æнæхъынцъымæй æмæ бар-
вæндонæй, уымæн æмæ, зæрдæрухсæй чи
дæтты, Хуыцау уыцы адæймаджы уарзы.
8Хуыцауæн та Йæ бон у сымах алы хорзæ-
хæй дæр схъæздыг кæнын; уæд уæм æдзух
алцыдæр уыдзæни, цас уæ хъæуы, уый бæрц,
æмæ ма уæлдайджынтæй фаг уыдзæн алы
хорз хъуыддагæн дæр. 9Сыгъдæг Фыст дæр
афтæ зæгъы:

«Рæдауæй радта, байуæрста
мæгуыртæн;
йæ рæстад цæрдзæни мыггагмæ».

10Тауæгæн мыггаг Чи дæтты, хæрынæн та —
хойраг, Уый уын ратдзæн мыггаг, æрзайын
кæндзæн æмæ сбирæ кæндзæн уæ рæстады
тыллæг. 11Алцæмæй дæр афтæ схъæздыг уы-
дзыстут, æмæ уæ бон уыдзæни кæддæрид-
дæр рæдауæй баххуыс кæнын. Уæд бирæтæ
арфæ кæндзысты Хуыцауæн, нæ къухæй кæй
айсой, уæ уыцы æххуысы тыххæй.
12Уымæн æмæ сыгъдæджытæн сæ хъуæгты
баххуыс кæнынæй уæлдай уæ уыцы лæггад

расайдзæн бирæ арфæтæ Хуыцауæн. [13]Уæ
лæггадæй уæхи куы равдисат, уæд сыгъдæг-
джытæ стаудзысты Хуыцауы, уымæн æмæ
сымах коммæгæс стут, уæ зæрдæмæ кæй
айстат, Чырыстийы уыцы Фарны Уацæн,
æмæ рæдауæй æххуыс кæнут уыдонæн дæр
æмæ алкæмæн дæр. [14]Куы-иу кувой, уæд сæ
зæрдæтæ тырндзысты сымахмæ, уымæн
æмæ уæ Хуыцау схайджын кодта Йæ æгæ-
рон хорзæхæй. [15]Хуыцауæй бузныг, ахæм
диссаджы хорзæх нын балæвар кодта, æмæ
йын зæгъæн дæр нæй!

**10** Лæгæй-лæгмæ уемæ æнæныфсхаст чи у,
уæ фæсауыонмæ та — сæрæн, æз уыцы Павел
дæн. [2]Чырыстийы сæрныллæгдзинад æмæ
хæларзæрдæйы хатырæй, куы уæм æрцæуон,
уæд мæ, курын уæ, ахæм уавæры ма сæвæрут,
æмæ мæ мæхи хъæбатыр æмæ ныфсхастæй
равдисын куыд бахъæуа: мæхи ахæмæй рав-
дисын мæ бон у, мæнæй афтæ æнхъæл чи у,
æз дæр, ацы дунейы адæм куыд цæрынц,
афтæ цæрын, уыдоны раз. [3]Уымæн æмæ,
кæд адæймаджы буары цæрæм, уæддæр
адæймаджы фæрæзтæй нæ тох кæнæм. [4]Мах
цы хотыхтæй хæцæм, уыдон адæймаджы
конд не сты, уыдонæн сæ мидæг ис Хуыцауы
тых, æмæ уый та фидæрттæ ныппырх кæны.
[5]Хуыцауы базоныны фæндагыл цы цæлх-
дуртæ сæвæрдæуыд, уыдон фæнык фестын
кæнæм æмæ уацары райсæм алы хъуыды
дæр, цæмæй йæ Чырысти басæтта. [6]Æмæ
бынтондæр куы басæттат, уæд мах цæттæ
уыдзыстæм цавæрфæнды хивæнддзинад
бафхæрынмæ дæр.
[7]Æддаг бакастæй цы зыны, уымæ кæсут?
Чырыстийы кæй у, уыил фидарæй чи æу-
уæнды, уый ноджыдæр ахъуыды кæнæд,
мах дæр уыйау Чырыстийы кæй стæм, уыил.
[8]Уæ аргъуан фехалынæн нæ, фæлæ йæ са-
разынæн Бардарæг махæн цы бартæ рад-
та, уыдонæй æгæр куы раппæлон, уæд дæр
нæ фæхудинаг уыдзынæн. [9]Афтæ æнхъæл
ма ут, æмæ уæ тæрсын кæнын мæ фыстæ-
джытæй. [10]Уымæн æмæ чидæртæ зæгъынц:
«Йæ фыстæджыты домаг æмæ тыхджын у,
лæгæй-лæгмæ та — лæмæгъ, йæ ныхас нæ
ахады». [11]Афтæ чи зæгъы, уый зонæд: нæ
фыстæджыты фæсауыонмæ цавæртæ стæм,
хъуыддагæй дæр ахæмтæй равдисдзыстæм
нæхи, куы уæм æрцæуæм, уæд.
[12]Уымæн æмæ, йæхицæй чи æппæлы, уы-
донимæ нæхи æрæмных кæнынмæ кæнæ
уыдоныл нæхи абарынмæ нæ ныфс нæ хæс-
сæм. Уыдон сæхицæн аргъ кæнынц сæхи
барæнтæм гæсгæ æмæ сæхи барынц сæхи-
уыл — уый æнæзонд ми у. [13]Мах та нæхи-
цæй куы æппæлæм, уæд нын нысангонд цы
арæнтæ ис, уыдоны сæрты нæ ахиздзыстæм,
фæлæ баззайдзыстæм, Хуыцау нын бакусы-
нæн цы хуымы хай бабар кодта, уым; сымах
дæр уыцы хуымы стут. [14]Мах уыцы арæнты
сæрты ахизыныл нæхи нæ хъарæм. Куынæ
уæм æрцыдаиккам, уæд афтæ уыдаид. Фæлæ
сымахмæ дæр бахæццæ стæм Чырыстийы
Фарны Уацимæ. [15]Нæхицæй куы феппæлæм,
уæд нæ арæнты сæрты нæ ахизæм, кæйдæр
фæллæйттæ нæхи нæ бакæнæм. Æппындæр
нæ! Мах нæ зæрдæ дарæм: уæ уырнындзи-
над рæздзæн, æмæ сымахмæ бакусдзыстæм
ноджы фылдæр, махæн нысангонд арæнты
сæрты нæ ахизгæйæ. [16]Æмæ уæд нæ бон
бауыдзæн канд сымахмæ нæ, фæлæ æн-
дæр рæтты дæр Фарны Уац хъусын кæнын.
Мах нæхицæй нæ раппæлдзыстæм, кæйдæр
хуымы цæттæ хор мах фæллой у, зæгъгæ.
[17]«Йæхицæй чи æппæлы, уый æппæлæд Ду-
недарæгæй». [18]Аккагыл нымад у, йæхи чи
уæлæмæ кæны, уый нæ, фæлæ Бардарæг
кæй уæлæмæ кæны, уый.

**11** Кæд иу чысыл æдылыгомау дæн, уæд-
дæр мын уæд та куы бабыхсиккат! Уæ хор-
зæхæй, бабыхсут! [2]Æз уыл æнувыд дæн;
Хуыцауы куыд нæ фæнды, афтæ мæн дæр нæ
фæнды, æмæ ма уыл æндæр искæй бар дæр
цæуа. Æз сымах иунæг Лæгæн — Чырысти-
йæн — æрцæттæ кодтон æмкъайæн, цæмæй
уæ æнæкъæм чызгæй æрлæууын кæнон Йæ
разы. [3]Фæлæ уын æз тæрсын, калм Евæйыл
хинæй куыд рацыд, афтæ сымахæн дæр уæ
зонд зыгъуыммæгонд куы ’рцæуа, æмæ Чы-
рыстийы сыгъдæг æмæ иузæрдион уарзтæй
куы адард уа. [4]Уымæн æмæ уæм исчи куы
æрцæуы, уæд ын фæдæттут, мах уын Кæй
тыххæй нæ дзырдтам, ахæм æндæр Йесойы
тыххæй дзурыны бар; æнæзивæгæй райсут,
раздæр кæй нæ райстат, ахæм мон æмæ тынг
хорз фæхъусут, раздæр кæй нæ фехъуыстат,
ахæм Фарны Уацмæ. [5]Мæнмæ та афтæ кæсы,
æмæ æз уыцы «уæлдæр апостолтæй» ницæ-
мæй цауддæр дæн. [6]Рæсугъд дзурынмæ нæ
арæхсын, зонынадæй та æнæхай нæ дæн —
уый уын мах равдыстам алцæмæй дæр.
[7]Цæмæй сымах сбæрзонд уат, уый тых-
хæй мæхи кæй æрныллæг кодтон æмæ уын
Хуыцауы Фарны Уац лæвар кæй амыдтон,
уымæй æз тæригъæды, мыййаг, бафтыдтæн?
[8]Зæгъæн ис, æз стыгътон иннæ аргъуан-
тæ — сымахæн балæггад кæныны тыххæй

æхца уыдонæй истон. Сымахмæ куы уыдтæн,
уæд хъуаг кæд æййæфтон, уæддæр никæй
батыхсын кодтон. 9Хъуаг цæмæй æййæфтон,
уымæй мын баххуыс кодтой Македонийæ
æрцæуæг æфсымæртæ. Æз уæ никуы ба-
тыхсын кодтон æмæ уæ нырæй фæстæмæ
дæр нæ батыхсын кæндзынæн. 10Афтæ кæй
у, уымæй мын æппæт Ахайы дæр мæхицæй
æппæлыны бар ничи байсдзæн — æз уый
зæгъын, Чырыстийы æцæгадæй хайджын
кæй дæн, уымæ гæсгæ. 11Цæмæн афтæ да-
рын мæхи? Кæй уæ нæ уарзын, уый тыххæй?
Хуыцау — æвдисæн: æз уæ бирæ уарзын.
Фæлæ, мæхи куыд дардтон, афтæ дардзы-
нæн нырæй фæстæмæ дæр, 12цæмæй æфсон
агурджытæн æфсон ма уа сæхицæй раппæ-
лынæн, цыма не 'мсæр сты, уыйау. 13Уымæн
æмæ ахæмтæ сты мæнгапостолтæ, фæлитой
кусджытæ, сæхи æвдисынц афтæ, цыма Чы-
рыстийы апостолтæ сты. 14Уым диссагæй
ницы ис: сайтан дæр йæхи равдисы рухсы
зæдæй. 15Æмæ йæ кусджытæ дæр рæстады
кусджытæй сæхи куы февдисынц, уæд уый
чи никуы æрцыд, ахæм хабар нæу. Фæлæ сæ
кæрон уыдзæни сæ хъуыддæгтæм гæсгæ.

16Зæгъын ма уын: æнæзондыл мæ мачи ны-
майæд. Фæлæ мæ кæд æнæзондыл нымайут,
уæддæр мыл барвæссут ахæмæй дæр, цæмæй
уын æз дæр иу гыццыл раппæлон мæхи-
цæй. 17Æз ныртæккæ цы зæгъдзынæн, уый
Бардарæгæн фæндон нæу — райдайдзынæн
мæхицæй æппæлын æнæзондау. 18Сæ зæххон
хъуыддæгтæй бирæтæ сæхицæй куыд æп-
пæлынц, афтæ æз дæр æппæлдзынæн мæ-
хицæй. 19Уымæн æмæ сымах, зондджынтæ,
æнæзæндтыл зæрдиагæй æуууæндут. 20Сымах
быхсут, йæхицæн уæ цагъартæ чи кæны, уæ
мулк уын чи хæры, цумагæнæн уæ чи аразы,
æнæввæрсонтæ уыл чи кæны, цæвынæй уыл
чи нæ ауæрды, уыдоны. 21Худинаг мæм кæ-
сы, фæлæ йыл уæддæр сæттын: уыдонимæ
абаргæйæ, мах ам, æвæццæгæн, лæмæгъ
разындыстæм!

Кæд исчи истæмæй раппæлынмæ йæ ныфс
хæссы, уæд æз дæр — ме 'нæзондæй йæ зæ-
гъын — мæ ныфс хæссын.

22Уыдон дзуттæгтæ сты? Æз дæр. Израи-
лæгтæ сты? Æз дæр. Авраамы цот сты? Æз
дæр. 23Чырыстийы кусджытæ сты? Мæ зонд
цыма фæцыд, æз уыйау зæгъын: æз уыдонæй
уæлдæр дæн. Æз дзæвгар фылдæр бафыдæ-
бон кодтон, дзæвгар фылдæр уыдтæн ахæс-
тæтты, надтой мæ æнæвгъаудæрæй, бирæ
хæттыты кастæн мæлæты дзыхмæ. 24Иу-
дейæгты къухæй фондз хатты бавзæрстон
фæйнæ нудæс æмæ ссæдз цæфы; 25æртæ хат-
ты мыл лæдзджытæй æрцыдысты; иу хатт
мæ дуртæй мардтой; æртæ хатты наусæфты
бахаудтæн, æхсæв æмæ бон денджызы, до-
ны мидæг, арвыстон. 26Æдзух фæндагыл
дæн, æдзух — тæссаг уавæрты: донивылд,
абырджытæ, ме 'мбæстæгтæ, муртаттæгтæ.
Уыимæ ма ноджы алы фыдбылызтæ: сахары,
цæуæг кæм нæй, ахæм рæтты, денджызы,
мæнгæфсымæрты къухæй... 27Уæззау куыст,
æнæхуыссæг æхсæвтæ, стонг æмæ дойны,
уазал æмæ бæгънæг... 28Уымæй уæлдай —
æппæт аргъуанты сагъæсы æрвылбоны уаргъ.
29Кæйдæр хъару куы асæтты, уæд исты мæ
хъару дæр йемæ нæ асæтты? Исчи куы фæ-
рæдийы æмæ куы фæкæлы, уæд иууылдæр
не ссудзын артау?

30Кæд мæ уæддæр мæхицæй раппæлын
хъæуы, уæд æрмæстдæр — мæ лæмæгъдзи-
над цæй мидæг ис, уымæй. 31Нæ Бардарæг
Йесойы Фыд æй зоны, мæнг кæй нæ зæгъын,
уый. Арфæгонд уæд мыггагмæ! 32Паддзах
Аретайы бæстыхицау мæн æрцахсыны тых-
хæй Дамаскы сахары рацæуæнтæ бæргæ
хъахъхъæдта, фæлæ мæ рудзынгæй тæс-
чъы æруагътой сисыл, æмæ йæ къухмæ нæ
бахаудтæн.

**12** Кæд ницы пайда у, уæддæр хъуамæ
раппæлон мæхицæй. Райдайдзынæн дзурын,
Хицау мын цы фенын æмæ раргом кодта,
уыдæтты тыххæй. 2Æз зонын иу чырыстон
адæймаджы. Цыппæрдæс азы размæ йæ, —
нæ зонын, йæ буары уыд æви нæ, Хуыцау æй
зоны, — систæуыд æртыккаг уæларвмæ. 3Йæ
буары уыд æви нæ, уый нæ зонын, Хуыцау
æй зоны, фæлæ зонын, уыцы адæймаджы
4систæуыди дзæнæтмæ æмæ фехъуыста,
æвзагыл чи нæ бады æмæ адæймаг кæй хъу-
амæ басусæг кæна, ахæм ныхæстæ. 5Ахæм
адæймагæй раппæлдзынæн, мæхицæй та
нæ раппæлдзынæн. Мæхицæй куы æппæ-
лон, уæд æрмæстдæр мæ лæмæгъдзинадæй.
6Æниу мæ мæхицæй раппæлын куы бафæн-
да, уæд дæр æнæзонд нæ уыдзынæн — раст
цы у, уый зæгъдзынæн. Фæлæ мæхиуыл куы
фæхæцон, уæд хуыздæр уыдзæн, цæмæй мæ
исчи, куы мæ фæуыны æмæ мæм куы фæхъу-
сы, уæд æм куыд фæкæсын, уымæй хуыздæр
ма фенхъæла. 7Æмæ мын Хуыцау цы раргом
кодта, æппæт уыдæттæй мæхиуыл куыд нæ
фервæссон, уый тыххæй мæ буары фæцав-
дæуыд фат — сайтаны зæд; уый мæ мары
тухæнæй, цæмæй мæхиуыл ма фервæссон.
8Уымæй фервæзыны тыххæй æртæ хатты

лæгъстæ кодтон Бардарæгæн, 9фæлæ мын
загъта: «Æгъгъæд дын у Мæ хорзæх, уымæн
æмæ Мæ тых йæ тыхы бацæуы, адæймаг
лæмæгъ куы вæййы, уæд». Уымæ гæсгæ æз
зæрдиагдæрæй æппæлдзынæн, æдых кæй
дæн, уымæй, иудадзыг Чырыстийы хъару-
йæ хайджын куыд уон, афтæ. 10Уымæ гæсгæ
Чырыстийы сæраппонд æз райгонд дæн
мæ лæмæгъдзинадæй, ме ’фхæрдæй, мæ
хъуагтæй, мæ фæдыл кæй зилынц, уымæй,
мæ тыхст уавæртæй. Уымæн æмæ тыхджын
вæййын лæмæгъæй.
11Æз сдæн æнæзондау — уымæ мæ уæхæ-
дæг æртардтат. Уæвгæ та мæ сымах хъуамæ
æппæликкат. Кæд æз ницы дæн, уæддæр
«уæлдæр апостолтæй» ницæмæй цауддæр
дæн. 12Апостол кæй дæн, уый уын равдыс-
тон мæ фæразонæй, æвдисæйнæгтæй, дис-
сæгтæй æмæ стыр хъуыддæгтæй. 13Иннæ
аргъуантæй уæлдай уæ хъыджы цæмæй
бацыдтæн? Кæй уæ нæ батыхсын кодтон,
уымæй? Ныббарут мын мæ ацы азым!
14Ныр цæттæ дæн æртыккаг хатт сымахмæ
цæуынмæ, æмæ уæ нæ батыхсын кæндзы-
нæн. Мæн уæ мулк нæ хъæуы — уæхæдæг
мæ хъæут. Хъуамæ ныййарджытæн бынтæ
сæ хъæбултæ ма кæной, фæлæ хъæбултæн —
сæ ныййарджытæ. 15Цыдæриддæр мæм ис,
уый дæр æмæ суанг мæхи дæр цингæнгæ
ратдзынæн уæ удты сæраппонд. Æз уæ би-
рæ куы уарзын, уæд мæ сымах къаддæр
цæмæн уарзут?
16Зæгъæм, æз уæ мæхæдæг нæ батыхсын
кодтон. Фæлæ кæд, мыййаг, хин адæймаг
дæн, сайдæй уыл рацыдтæн æмæ уæ аф-
тæмæй мæхи бакодтон? 17Кæнæ уæм кæй
арвыстон, кæд уæ, мыййаг, уыдонæй кæйдæр
фæрцы исты райстон? 18Æз æрхатыдтæн
Титмæ сымахмæ ацæуыны тыххæй, æмæ
ма йын æфсымæртæй иуы арвыстон йемæ.
Тит уæ исты райста? Мах Титимæ æмзæрдæ
нæ уыдыстæм исты, иу фæндагыл нæ цы-
дыстæм, мыййаг?
19Цыма алцæмæй дæр уæ разы нæхи раст
кæнæм, афтæ уæм кæсы? Мах цы дзурæм,
уый, Чырыстиимæ иугондæй, Хуыцауы раз
дзурæм. Мæ уарзон хæлæрттæ, æппæт уы-
дæттæ мах кæнæм уе сфидар кæныны тых-
хæй. 20Тæрсын, куы уæм æрцæуон, уæд куы
бамбарæм, нæдæр æз, нæдæр сымах кæй
не стæм, кæрæдзийы нæ цавæрæй фенын
фæндыд, ахæмтæ; куы уæм æрæййафон
хъаугъатæ, хæлæг, маст, кæрæфдзинад, хаху-
ыртæ, фыдгой, схъæлдзинад æмæ змæсты-
тæ... 21Куы уæм æрцæуон, уæд та мæ Хуыцау
сымах тыххæй куы фегад кæна æмæ кæуинаг
куы фæуон, тæригъæды чи бацыди æмæ йæ
чъизи хъуыддæгтæ, йæ хъахбайдзинад æмæ
æлгъаг митыл фæсмон чи нæ фæкодта, бирæ
ахæм адæмтыл.

**13** Ныр уæм æртыккаг хатт цæуын. «Алы
хъуыддаг дæр хъуамæ дыууæ кæнæ æртæ æв-
дисæны раз æвзæрст цæуа». 2Дыккаг хатт уæм
куы уыдтæн, уæд рагацау загътон, тæригъæ-
ды чи бафтыд, уыдонæн дæр æмæ иннæтæн
се ’ппæтæн дæр; ныр та фæсауууонмæ ногæй
зæгъын: куы æрцæуон, уæд хатыр никæмæн
уыдзæн. 3Уымæн æмæ сымах, Чырысти мæ
дзыхæй дзуры æви нæ, уымæн исты æвди-
сæйнæгтæ домут. Чырысти уын æдых нæу,
фæлæ Йæ хъару равдисы уе ’хсæн. 4Кæд Æй
æдыхæй байтыгъдæуыд, уæддæр цæры Ху-
ыцауы хъаруйæ. Чырысти куыд æдых уыди,
мах дæр афтæ æдых стæм, фæлæ, Хуыцауы
хъаруйæ, Йемæ сæрæгас уыдзыстæм.
5Уæхи бафæлварут, уырнындзинад уæм ис
æви нæ; уæ зæрдæтæм ныккæсут. Æви Йесо
Чырысти уæ зæрдæты кæй ис, уый нæ зонут?
Кæд æй нæ зонут, уæд, цавæр хъуамæ уат,
ахæмтæ не стут. 6Уыцы ныфс мæ ис, æмæ
сымах базондзыстут, мах цавæр хъуамæ
уæм, ахæм кæй стæм, уый. 7Æмæ кувæм
Хуыцаумæ, цæмæй æвзæрæй мацы саразат.
Нæ куывд уый сæрыл нæу, æмæ, цавæр хъу-
амæ уæм, нæхи ахæмæй равдисæм — фæнды
нæ, цæмæй сымах аразат хорз хъуыддæгтæ,
мах цавæр хъуамæ уæм, ахæмтæ уæм куы
нæ кæсæм, уæд дæр. 8Уымæн æмæ æцæгады
ныхмæ æнæбон стæм, æцæгады сæраппонд
та — тыхджын. 9Мах лæмæгъ куы вæййæм,
сымах та — тыхджын, уæд цины бафтæм.
Сымах æнаипп цæмæй уат, кувгæ дæр уый
сæраппонд кæнæм. 10Æппæт уыдæттæ уæм
фæсауууонмæ уый тыххæй фыссын, æмæ, сы-
махмæ куы уон, уæд мæ ма бахъæуа мæхи
карзæй равдисыны сæр, халынæн нæ, фæлæ
мын аразынæн Бардарæг цы бартæ радта,
уыдонмæ гæсгæ.
11Æппынфæстаг, æфсымæртæ, цин кæнут,
тырнут æнаипп уæвынмæ, кæрæдзийæн
ныфс æвæрут, ут æмзонд, цæрут фидыдæй,
æмæ гъеуæд уарзт æмæ фарн дæттæг Хуыцау
уыдзæн уемæ.
12Кæрæдзийæн салам дæттут æфсымæрон
байæ. Салам уын æрвитынц сыгъдæджытæ
иууылдæр.
13Нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы хорзæх
уæ уæд! Хуыцауы уарзт æмæ Сыгъдæг Удæй
уе ’ппæт дæр хайджын ут!

# Апостол Павелы фыстæг галатæгтæм

Провинци Галатийы (нырыккон Турчы централон хай) чырыстон æхсæнæдтæн Павел бындур æрæвæрдта йæ фыццаг миссионерон балцы рæстæг, н. д. 40-æм азты кæрон.

Павел Галатийæ куы ацыдис, уый хæдфæстæ ног уырнджытæм æрбацыди ног ахуыргæнджытæ. Сæ хъуыдымæ гæсгæ, Хуыцауæй ирвæзындзинад райсыны тыххæй æххæст кæнын хъуыди Моисейы Æгъдау æмæ сунæт кæнын. Умæй уæлдай, уыдон дзырдтой, Павелæн Чырыстийы Фарны Уац амоныны бар нæй, зæгъгæ. Павел уыдæттæ куы базыдта, уæд ын тынг фæхъыг ис æмæ уыцы мæнгахуырады ныхмæ Галатийы ногарæзт æхсæнæдтæм ныффыста.

Фыстæг арæзт у цалдæр хайæ:

1. Павелы радзырд, Чырыстийы апостол куыд сси, уый фæдыл (1–2:10).
2. Хуыцау адæмæн ирвæзындзинад Æгъдау æххæст кæныны тыххæй нæ, фæлæ Йесо Чырыстийыл æууæндыны фæрцы кæй дæтты, уый æвдисæнад (2:11–5:12).
3. Сыгъдæг Уд æмæ Фарны Уацы фæрцы лæвæрд уарзондзинад царды цы ахады, уый æрфыст (5:13–6:10).
4. Кæронбæттæн (6:11-18).

---

**1** Павелæй, адæмы уынаффæйæ нæ, адæй-
маджы фæрцы дæр нæ, фæлæ Йесо Чырысти
æмæ Йæ мæрдтæй райгасгæнæг Фыд Хуыца-
уы фæндæй апостол чи сси, уымæй, 2стæй,
мемæ чи ис, æппæт уыцы æфсымæртæй
Галатийы аргъуантæм.
3Хорзæх æмæ уын фарн — Хуыцауæй, нæ
Фыдæй, æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.
4Чырысти нæ тæригъæдты тыххæй Йæхи
æрхаста нывондæн, цæмæй нæ фервæзын
кæна ацы мæнгард дунейæ — афтæ бафæн-
дыди Хуыцауы, нæ Фыды. 5Кад Ын уæд æну-
сæй-æнустæм! Аммен.
6Дисы мæ æфтауы, Чырыстийы хорзæ-
хы фæрцы уæ Йæхимæ Æрхонæгæй æндæр
Фарны Уацмæ уе ’ргом куыд тагъд здахын
райдыдтат, уый. 7Уый æндæр Фарны Уац нæу,
æрмæст ис, уæ зонд уын чи змæнты æмæ
Чырыстийы Фарны Уац сзыгъуыммæ кæнын
кæй фæнды, ахæмтæ. 8Фæлæ уын суанг мах
кæнæ зæд уæларвæй куы хъусын кæна, мах
уын кæй нæ хъусын кодтам, ахæм Фарны
Уац, уæд дæр æлгъыст фæуæд йæ хъусын-
гæнæг. 9Раздæр цы дзырдтам, уый зæгъын
ныр дæр: махæй цы Фарны Уац фехъуыстат,
уымæй фæстæмæ уын æндæр Фарны Уац чи
хъусын кæны, уый æлгъыст фæуæд.
10Æз абон адæмы хорзæхмæ тырнын
æви Хуыцауы? Мыййаг, адæмы зæрдæ
балхæныныл архайын? Абон дæр ма æз
адæмы зæрдæ балхæныныл куы архаин,
уæд Чырыстийы цагъар нæ уаин.
11Зонут æй, ме ’фсымæртæ: æз цы Фарны
Уац фехъусын кодтон, уый адæймагæй нæ
рацыд. 12Æз æй адæймагæй нæ фехъуыстон,
адæймаг мын æй нæ бацамыдта, фæлæ мын
æй Йесо Чырысти раргом кодта.
13Æз иудейаг диныл хæст куы уыдтæн,
уæд цы уагæй цардтæн, Хуыцауы Аргъуан
æфхæрыныл куыд нæ ауæрстон æмæ йæ
куыд дæрæн кодтон, уый тыххæй сымах
фехъуыстат. 14Иудейаг диныл мæхи хъа-
рынæй æз мæ бирæ дзуттаг æмгæрттæн
фæдæн сæ разæй, æгæр æнувыдæй æххæст
кодтон мæ фыдæлты æгъдæуттæ. 15Фæлæ
ма мады гуыбыны куы уыдтæн, уæд мæ Чи
сæвзæрста, стæй мæ Йæ хорзæхмæ гæсгæ Чи
æрхуыдта, уыцы Хуыцауы куы бафæндыд
16мæнæн Йæ Фырты раргом кæнын, Йæ Фар-
ны Уац мыртаттæгтæм цæмæй хæссон, уæд
адæмæй никæимæ уынаффæ кодтон. 17Мæ
размæ апостол чи сси, уыдонмæ нæ ацыдтæн
Йерусалиммæ, фæлæ ацыдтæн Аравимæ,
уырдыгæй та æрбаздæхтæн Дамаскмæ.
18Стæй, æртæ азы фæстæ, ацыдтæн Йеру-
салиммæ, цæмæй базонгæ уон Кифæимæ;
æмæ йæм фæдæн фынддæс боны. 19Иннæ
апостолтæй, Бардарæг Йесойы æфсымæр

Йаковы йеддæмæ, æз никæй федтон. 20Цы
уæм фыссын, зæгъын уын Хуыцауы раз, уы-
мæй та сайгæ нæ кæнын.
21Уый фæстæ ацыдтæн Сири æмæ Кили-
кимæ. 22Иудейы чи ис, Чырыстийы уыцы
аргъуанты уырнджытæн лæгæй-лæгмæ
зонгæ нæ уыдтæн. 23Æрмæст фехъуыстой,
зæгъгæ, кæддæр сæ чи æфхæрдта, уый ныр,
раздæр йæ фесафынил кæмæн архайдта, уы-
цы уырнындзинады тыххæй хъусын кæны
Фарны Уац. 24Æмæ мæн тыххæй кад кодтой
Хуыцауæн.

**2** Фæстæдæр, цыппæрдæс азы фæстæ, Вар-
навæимæ ногæй ацыдтæн Йерусалиммæ,
Титы дæр акодтон немæ. 2Уырдæм ацæуын
мæ кæй хъæуы, уый та мын раргом ис Хуыца-
уæй, æмæ уым радзырдтон, муртаттæгтæн
цы Фарны Уац хъусын кæнын, уый тыххæй.
Хицæнæй ма ныхас кодтон номджын хис-
тæртимæ, цæмæй сбæлвырд уа, æз дзæгъæ-
лы кæй нæ фæкуыстон æмæ дзæгъæлы кæй
нæ кусын. 3Ме 'мбæлццон Тит бердзенаг
уыди, фæлæ уымæй дæр сунæт скæнын нæ
домдтой, 4кæд нæм мæнгæфсымæртæ ку-
ыддæрты æрбаирвæзтысты, уæддæр. Уы-
дон нæм сæхи æрбайстой, Чырыстиимæ иу
кæй стæм, уый руаджы нын цы сæрибар ис,
уымæ сусæгæй цæст дарынмæ æмæ махæй
цагъартæ скæнынмæ. 5Фæлæ сын мах нæ
басастыстæм æмæ иу сахаты бæрц дæр нæ
бахаудтам сæ дæлбар, цæмæй уæм Фарны
Уацы æцæгад баззайа сыгъдæгæй.
6Номджын хистæрыл нымад чи уыди —
кæдфæнды-цыфæнды сгуыхт ма уой, мæ-
нæн уæлдай нæу, Хуыцау никæй хъулон
кæны — уыдон мæ Фарны Уацыл уымæй
уæлдай ницы бафтыдтой. 7Уый нæ, фæлæ
федтой, мæнæн баргонд кæй у æнæсунæт-
гæндтæн Фарны Уац хъусын кæнын, Петрæн
сунæтгæндтæн хъусын кæнын куыд бар-
гонд у, афтæ. 8Уымæн æмæ Петры уылты
чи архайдта сунæтгæндты æхсæн, уый мæн
уылты дæр архайы муртаттæгты æхсæн.
9Æмæ мын Хуыцау цы хорзæх радта, уый куы
базыдтой, уæд Йаков, Кифæ æмæ Иоанн —
аргъуаны цæджындзтыл кæй нымайынц,
уыдон — немæ æмгуысты нысанæн мæнæн
æмæ Варнавæйæн райстой нæ къухтæ, цæ-
мæй мах ацæуæм муртаттæгтæм, уыдон
та — сунæтгæндтæм. 10Æрмæст куырдтой,
цæмæй ма рох кæнæм мæгуырты, æмæ æз
зæрдиагæй архайын уый сæххæст кæнынил.
11Фæлæ Кифæ Антиохимæ куы æрцыд,
уæд æз комкоммæ радзырдтон йæ ныхмæ,
уымæн æмæ раст нæ бакодта. 12Йаковы æр-
выст лæгты æрцыды агъоммæ Кифæ муртат-
тæгтимæ бадтис иу фынгыл. Фæлæ уыдон
куы æрцыдысты, уæд, сунæтгæндтæй кæй
тарсти, уымæ гæсгæ байдыдта муртаттæг-
тæй йæхи иуварс ласын. 13Йемæ цæстмæ-
митæ кодтой иннæ иудейæгтæ дæр, суанг
ма сæ Варнавæ дæр бафæзмыдта.
14Фæлæ уыдон Фарны Уацы æцæгадмæ
гæсгæ сæхи кæй нæ дарынц, уый куы фед-
тон, уæд се 'ппæты раз Кифæйæн загътон:
«Кæд ды, иудейаг, муртаттагау цæрыс, иу-
дейаджы хуызæн нæ, фæлæ, уæд муртат-
тæгтæй цæмæн домыс иудейаг æгъдаумæ
гæсгæ цæрын?»
15Мах муртаттæгтæй рацæуæг тæригъæд-
джынтæ не стæм — иудейаг туг нæм ис.
16Фæлæ мах зонæм, Æгъдау æххæст кæны-
нæй Хуыцауы раз ничи сраст уыдзæни, фæлæ
æрмæст Йесо Чырыстийыл æууæндынæй.
Уымæ гæсгæ мах бауууæндыдыстæм Йесо
Чырыстийыл, цæмæй сраст уæм Æгъдау
æххæст кæныны нæ, фæлæ Чырыстийыл æу-
уæндыны фæрцы. Æгъдау æххæст кæныны
фæрцы Хуыцауы раз ничи сраст уыдзæни.
17Кæд Чырыстийы фæрцы тырнæм нæхи
сраст кæнынмæ æмæ уæддæр тæригъæд-
джынтæ стæм, уæд уый, мыййаг, афтæ амо-
ны, æмæ Чырысти тæригъæдæн кусæг у?
Ницы хуызы! 18Уымæн æмæ, цы фехæлдтон,
уый кæд ногæй аразын, уæд мæхи æгъдау-
халæджы бынаты æвæрын.
19Æгъдауы фæрцы æз амардтæн Æгъда-
уæн, цæмæй цæрон Хуыцауæн. Æз тыгъд
æрцыдтæн Чырыстиимæ. 20Æмæ ныр æз нал
цæрын, фæлæ мæ зæрдæйы цæры Чырыс-
ти. Æмæ нырма кæд мæ буары цæрын, уæд
цæрын æрмæстдæр, Чи мæ бауарзта æмæ
мæн тыххæй Йæхи нывондæн Чи æрхаста,
Хуыцауы уыцы Фыртыл æууæндынæй. 21Æз
мæхи нæ тигъ кæнын Хуыцауы хорзæхыл.
Уымæн æмæ, адæймаджы кæд Æгъдау раст
кæны, уæд Чырысти дзæгъæлы амард.

**3** О æнæзонд галатæгтæ! Цыма Йесо Чы-
рысти дзуарылтыгъд уæ цæсты раз уыди,
афтæ уын Æй куы равдыстæуыд, уæд уæ чи
фæцæсты кодта!
2Сымахæй мæ æрмæстдæр мæнæ уый ба-
зонын фæнды: Æгъдау æххæст кæныны
руаджы схайджын стут Сыгъдæг Удæй æви
Фарны Уац фехъусыны æмæ йыл бауууæнды-
ны фæрцы? 3Ахæм æнæзонд стут? Сыгъдæг
Уды разамындæй цы райдыдтат, уый ныр
адæймаджы хъаруты фæрцы фæуынмæ

хъавут? [4]Цытæ бавзæрстат, уый, ау, дзæ-
гъæлы фæци? Уымæн уæвæн нæй! [5]Хуыцау
уын Сыгъдæг Уд, Æгъдау кæй æххæст кæнут,
уый руаджы дæтты æмæ уе 'хсæн диссæгтæ
уый фæрцы аразы æви Фарны Уац фехъусы-
ны æмæ йыл бауæндыны фæрцы?

[6]Афтæ «Авраам бауæндыди Хуыцауыл,
æмæ йæ уый тыххæй Хуыцау банымадта
рæстгæнæгыл». [7]Уæдæ зонут: уырнджытæ
сты Авраамы байзæддæгтæ. [8]Сыгъдæг Фыс-
ты рагацау загъдæуыди, Хуыцау муртат-
тæгты кæй сраст кæндзæн уырнындзинады
фæрцы; æмæ Хуыцау Авраамæн развæлгъау
фехъусын кодта Фарны Уац: «Дæ фæрцы ар-
фæгонд уыдзысты æппæт адæмтæ». [9]Уæдæ
уырнджытæ, Хуыцауыл чи бауæндыд, уыцы
Авраамимæ арфæгонд сты.

[10]Ægъдау æххæст кæнынæй ныфс кæй ис,
уыдонмæ та се 'ппæтмæ дæр æнхъæлмæ
кæсы æлгъыст. Уымæн æмæ фыст ис: «Ægъ-
дауы чиныджы цы фыст ис, æппæт уыдон
иудадзыг чи не 'ххæст кæны, уый æлгъыст
у». [11]Ægъдауы фæрцы та Хуыцауы раз кæй
ничи сраст уыдзæн, уый бæлвырд у, уымæн
æмæ «рæстгæнæг уырнындзинады фæрцы
цæрдзæни». [12]Ægъдау та уырнындзинадимæ
баст нæу, фæлæ «йæ чи æххæст кæна, уый
цæрдзæни йæ фæрцы».

[13]Чырысти мах фервæзын кодта, Ægъдаумæ
гæсгæ цы æлгъыст байййæфтам, уымæй — нæ
сæрвæлтау уыцы æлгъыст æруагъта Йæ-
хиуыл, Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ:
«Хъæдыл ауыгъд чидæриддæр æрцыди, уый
æлгъыст у». [14]Уый уымæн афтæ у, цæмæй, Ху-
ыцау Авраамæн цы арфæ ракодта, уый Йесо
Чырыстийы фæрцы анхъæвза мураттæгтыл,
æмæ мах уырнындзинады руаджы схайджын
уæм, ныфс Кæмæй бавæрдæуыд, уыцы Удæй.

[15]Ægфсымæртæ, цæвиттон æрхæсдзынæн
адæймаджы цардæй: адæймаджы ныстуан
фидаргонд куы æрцæуы, уæд æй ничи аивы
æмæ йæм ничи бафтауы. [16]Хуыцау та зæрдæ
бавæрдта Авраамæн æмæ йæ байзæддагæн.
Фыст нæу «байзæддæгтæн дæр», ома бирæ
адæмæн, фæлæ фыст ис иуы тыххæй: «æмæ
дæ байзæддагæн». Уыцы байзæддаг Чы-
рысти у. [17]Ægз мæнæ уый зæгъын: Хуыцау
цы фидыд сарæзта, уымæн йæ бынат нæ
бацахста, цыппарсæдæ æртын азы фæстæ
цы Ægъдау фæзынди, уый; æмæ Хуыца-
уы зæрдæвæрд баззад йæ тыхы. [18]Уымæн
æмæ кæд бынтæ Ægъдаумæ гæсгæ лæвæрд
цæуынц, уæд уый зæрдæвæрды бындурыл
нал у. Фæлæ сæ Авраамæн та Хуыцау радта
Йæ зæрдæвæрдмæ гæсгæ.

[19]Уæдæ Ægъдау цæй тыххæй у? Хуыцау
æй фæстæдæр уæлæмхасæнæн радта адæ-
мы фыдракæндты тыххæй, зæрдæ Кæмæн
бавæрдæуыд, уыцы Байзæддаг цалынмæ ær-
цæуа, уæдмæ. Ægъдау æвæрд æрцыди зæдты
æххуысæй æмæ æхсæнылæджы фæрцы.
[20]Фæлæ æхсæнылæг æппынкъаддæр дыу-
уæ ныхасгæнæгæн вæййы, Хуыцау та иу у.

[21]Уæдæ Ægъдау Хуыцауы зæрдæвæрды
ныхмæ у? Ницы хуызы! Уымæн æмæ, мыг-
гагмæйы цард чи дæтты, ахæм æгъдау куы
æрцыдаид лæвæрд, уæд адæймаджы æцæг-
дæр уый раст кодтаид. [22]Фæлæ Сыгъдæг
Фыст расидт, æппæт дуне дæр тæригъæды
ахæсты кæй ис. Уæдæ, Хуыцау зæрдæ цæмæй
бавæрдта, уый Йесо Чырыстийыл æууæнды-
ны фæрцы лæвæрд æрцæуы уырнджытæн.

[23]Уырнындзинады æрцыдмæ та ахст уы-
дыстæм, æмæ нæ Ægъдау хъахъхъæдта, æр-
цæуинаг цы уырнындзинад уыди, цалынмæ
уый раргом, уæдмæ. [24]Уæдæ Ægъдау махæн
уыди, Чырыстимæ нæ чи хъуамæ æркодта-
ид, уыцы сабигæс, цæмæй сраст уæм уыр-
нындзинады фæрцы. [25]Уырнындзинад куы
æрцыди, уæдæй фæстæмæ уыцы сабигæсы
дæлбар нал стæм.

[26]Уырнындзинады руаджы, Йесо Чырыс-
тиимæ иугондæй, уе 'ппæт дæр Хуыцауы
хъæбултæ стут. [27]Уымæн æмæ сымах — Чы-
рыстиимæ баиуы охыл кæуыл саргъуыдæ-
уыд, уыдон — баиу стут Чырыстиимæ. [28]Ныр
нал ис нæдæр иудейаг, нæдæр муртаттаг,
нæдæр цагъар, нæдæр сæрибар, нæдæр нæл-
гоймаг, нæдæр сылгоймаг, уымæн æмæ уе
'ппæт дæр баиу стут Йесо Чырыстиимæ иу-
дзинады фæрцы. [29]Кæд сымах Чырыстийы
стут, уæд Авраамы байзæддæгтæ стут, стæй,
Хуыцау зæрдæ цæмæй бавæрдта, уымæн —
Йæ бындартæ.

**4** Ноджы ма уын зæгъын: бындар цалынмæ
саби уа, уæдмæ цагъарæй ницæмæй хицæн
кæны, кæд æппæты хицау у, уæддæр. [2]Фыд
кæй снысан кодта, уыцы афонмæ уый у йæ
хъомылгæнджыты æмæ хæдзармæ цæст
дарджыты дæлбар.

[3]Афтæ мах дæр: цалынмæ сабитæ уы-
дыстæм, уæдмæ ацы дунейы æгъдæутты
цагъартæ уыдыстæм. [4]Фæлæ афон куы ра-
лæууыд, уæд Хуыцау рарвыста, сылгойма-
гæй Чи райгуырд æмæ Ægъдауы дæлбар Чи
уыд, Йæ уыцы Фырты, [5]Ægъдауы дæлбар чи

**3:17** Бердзенаг æвзаг *фидыд* æмæ *ныстуан* иу дзырдæй æвдисы.

у, уыдоны балхæнынмæ, цæмæй нæ Йæхи-
цæн хъæбултæ скæна. 6Хуыцауы хъæбултæ
кæй стут, уымæ гæсгæ Хуыцау нæ зæрдæты
æрцæрын кодта Йæ Фырты Уды, æмæ Уый
хъæлæсыдзагæй фæзæгъы: «Аввæ, нæ Фыд!»
7Уымæ гæсгæ ды цагъар нал дæ, фæлæ хъæ-
бул; æмæ кæд хъæбул дæ, уæд дæ Хуыцау
скодта Йæ бындар Чырыстийы сæраппонд.

8Раздæр та, Хуыцауы куы нæма зыдтат,
уæд уыдыстут, æцæгæй Хуыцау чи нæу, уы-
цы хуыцæутты цагъартæ. 9Ныр та, Хуыцауы
куы базыдтат, растдæр зæгъгæйæ та, Хуыцау
уæ куы базыдта, уæд ногæй цæмæн здæхут
дунейы уыцы æдых æмæ ницæйаг æгъдæут-
тæм? Цæмæн уæ фæнды, æмæ уыдонæн
ногæй цагъартæ уат? 10Сымах бæрæг кæнут
сæрмагонд бонтæ, мæйтæ, рæстæджытæ
æмæ азтæ. 11Сымахмæ мæ фыдæбон дзæ-
гъæлы куы фæуа, уымæй уын тæрсын.

12Лæгъстæ уын кæнын, æфсымæртæ, ба-
фæзмут мæн, уымæн æмæ æз дæр сымах
хуызæн адæймаг дæн. Сымах мæ хъыджы
ницæмæй бацыдыстут. 13Куыд зонут, аф-
тæмæй уын фыццаг хатт Фарны Уац куы
хъусын кодтон, уæд рынчын уыдтæн. 14Æмæ
мæ рынчын кæд сымахæн фæлварæн уы-
ди, уæддæр мæ ницыйыл нæ банымадтат,
æнæввæрсон мыл нæ уыдыстут, фæлæ мыл
баузæлыдыстут, цыма уын Хуыцауы зæд кæ-
нæ Йесо Чырысти уыдтæн, афтæ. 15Уæ цин
цы фæци? Мæхæдæг æвдисæн дæн, гæнæн
уын куы уыдаид, уæд рафтыдтаиккат уæ
цæстытæ æмæ сæ раттаиккат мæнæн. 16Ау,
рæстдзинад уын кæй дзырдтон, уый тыххæй
уын знаг сдæн?

17Иннæтæ уыл æнувыд сты, æрмæст зæр-
диагæй нæ — архайынц уæ фæхицæн кæны-
ныл, цæмæй сымах уыдоныл уат æнувыд.
18Æнувыдæй хи æвдисын æмæ кæддæридд-
дæр ахæмæй баззайын хорз у, нысан хорз
куы уа, уæд, фæлæ æз уемæ куы вæййын,
æрмæст уыцы рæстæг нæ. 19Мæ хъæбултæ,
арæг сылгоймагау ногæй хъизæмæрттæ сы-
мах тыххæй æвзарын, цалынмæ Чырыстийы
æрдзыхъæдæй не схайджын уат, уæдмæ.
20Куыд мæ фæнды ныртæккæ сымахмæ
фестын æмæ уемæ æндæр хъæлæсы уагæй
ныхас кæнын, уымæн æмæ уын цы бакæнон,
уый нал зонын.

21Зæгъут-ма мын, Æгъдауы дæлбар уæвын
кæй фæнды, уыдон, Æгъдау цы зæгъы, уый
нæ хъусут? 22Фыст у: «Авраамæн уыди дыууæ
фырты — сæ иу райгуырди цагъар сылгой-
магæй, иннæ та — сæрибар сылгоймагæй».
23Фæлæ цагъар сылгоймагæй чи райгуырди,
уый æрдзон æгъдауæй райгуырди, сæрибар
сылгоймагæй чи райгуырди, уый та — Ху-
ыцауы зæрдæвæрдмæ гæсгæ. 24Ам фæсно-
мыг хъуыды ис. Уыцы сылгоймæгтæ дыууæ
фидыды амонынц: сæ иу æрцыди Синайы
хохæй, æмæ дзы райгуыры цагъартæ — уый
у Агар. 25Агар амоны Синайы хох Арави-
йы — фæсномыгæй уый у абоны Йерусалим,
уымæн æмæ йæ хъæбултимæ цагъарады ис.
26Уæларвон Йерусалим та сæрибар у — не
’ппæты мад. 27Уымæн æмæ Сыгъдæг Фыст
зæгъы:

«Сцин кæн, æнæзæнæг, сывæллон чи
никуы ныййардта, уый!
Цинхъæр кæн, арæг сылгоймаджы
хъизæмæрттæ
чи нæ бавзæрста, уый!
Кæй ныууагътой, уымæн фылдæр цот
уыдзæни моймæдзыдæй».

28Æфсымæртæ, Исаакау сымах Хуыцауы
зæрдæвæрды хъæбултæ стут. 29Фæлæ æрдзон
æгъдауæй райгуырæг Уды хъаруйæ райгуы-
рæджы уæд куыд æфхæрдта, афтæ у ныр дæр.
30Цы зæгъы Сыгъдæг Фыст? «Фæсур цагъар
сылгоймаджы æд лæппу, уымæн æмæ цагъар
сылгоймаджы лæппу дæ бынтæм ницы бар
дары — сæрибар сылгоймаджы лæппуйы
бауыдзысты». 31Уæдæ, æфсымæртæ, мах
стæм цагъар сылгоймаджы нæ, фæлæ сæ-
рибар сылгоймаджы хъæбултæ.

**5** Чырысти нæ уый тыххæй ссæрибар кодта,
цæмæй сæрибар уæм. Уæдæ фидар лæуут
æмæ та ногæй цагъарады æфсондзы бын-
мæ ма бахаут.

2Æз, Павел, зæгъын сымахæн: кæд сунæт
кæнут, уæд уын Чырыстийæ ницы пайда
уыдзæни. 3Сунæт чидæриддæр кæны, уыдо-
нæн ма ноджы иу хатт зæгъын: Æгъдау уын
æнæхъæнæй æххæстгæнинаг у. 4Сымахæй
Æгъдауы фæрцы йæхи чи раст кæны, уыдон
баззадысты æнæ Чырыстийæ, æнæхай фесты
Хуыцауы хорзæхæй. 5Мах та Сыгъдæг Удæй
лæвæрд уырныдзинады фæрцы нæ зæрдæ
дарæм æмæ æнхъæлмæ кæсæм, Хуыцау нæ
кæй сраст кæндзæн, уымæ. 6Уымæн æмæ,
мах Йесо Чырыстиимæ куы уæм, уæд, сунæт
скæнай, ма скæнай — уæлдай нæу; ахсджи-
аг у ахæм уырныдзинад, уарзты уылты чи
раргом вæййы.

7Хорз куы цыдыстут, уæд уæ чи бахъыг-
дардта, цæмæй æцæгады коммæ мауал
кæсат? 8Ахæм зондыл уæ уе ’рхонæг Хуы-
цау нæ сардыдта. 9Чысыл æнхъизæн хыссæ
æгасæй дæр сæнхъизын кæны. 10Сымахмæ

дæр æндæр зонд кæй нæ уыдзæн, ууыл æз
Бардарæджы фæрцы фидарæй мæ зæрдæ
дарын. Уæ зонд уын чи змæнты — чидæр-
риддæр уæд, — уый æфхæрд баййафдзæн.
11 Кæд ма æз ныртæккæ дæр, æфсымæртæ,
сунæты фарс дæн, уæд мæ цæй тыххæй æф-
хæрынц? Уæд дзуары тыххæй цы фæдзурын,
уый цæлхдур нæ уаид. 12 О, уæ зонд уын чи
змæнты, уыдон сæхи куы бардузиккой!

13 Сæрибармæ хуынд стут, æфсымæртæ;
æрмæст уæ сæрибар ма асайæд уæ тæриг-
гъæдджын æрдзыхъæды мондæгтæ æфса-
дынмæ, фæлæ, кæрæдзийы уарзгæйæ, уæ
иу иннæмæн лæггад кæнæд. 14 Уымæн æмæ
Æгъдауы æппæт мидис иу ныхасы ис: «Дæ-
хи куыд уарзыс, дæ хионы дæр афтæ уарз».
15 Фæлæ кæд кæрæдзийы ’хсынут æмæ хæ-
рут, уæд кæсут уæхимæ, — ма фæцæгъдут
кæрæдзийы.

16 Зæгъын уын, цæрут Удæн коммæгæсæй
æмæ уæд уæ тæригъæдджын æрдзыхъæды
мондæгты фæдыл нæ цæуудзыстут. 17 Уымæн
æмæ буары æрдзыхъæды цы фæнды, уый
Уды ныхмæ у, Уды цы фæнды, уый та — буа-
ры æрдзыхъæды ныхмæ. Уыдон кæрæдзийы
ныхмæ сты, æмæ уæ цы фæнды, уый нæ кæ-
нут. 18 Фæлæ кæд сымах Уды коммæ кæсут,
уæд Æгъдауы дæлбар не стут.

19 Тæригъæдджын æрдзыхъæды хъуыд-
дæгтæ зындгонд сты: хæтын, чъизи æмæ
æлгъаг митæ, 20 мæнгхуыцæуттæн кувын,
кæлæнтæ, фыдæх, хъаугъатæ, мæсты кæ-
нын, хи уæлдæр æвæрын, кæрæдзийы не
’мбарын, къордтыл дихтæ кæнын, 21 хæлæг-
цæст, марын, фыднозт, æнæуаг митæ æмæ
афтæ дарддæр. Дзырдтон уын æмæ уын ныр
дæр зæгъын: ахæм митæ чи кæны, уыдон
Хуыцауы Паддзахадмæ нæ бацæуудзысты.

22 Удæн та йæ дыргътæ сты: уарзондзинад,
циндзинад, фарн, бирæбыхст, зæрдæхæлар-
дзинад, рæдаудзинад, иузæрдиондзинад,
23 сæрныллæгдзинад, хиуылхæст. Ахæм-
тæм Æгъдау бар нæ дары. 24 Чырыстийы чи
у, уыдон сæ тæригъæдджын æрдзыхъæд
байтыгътой йæ чъизи бæллицтимæ æмæ
мондæгтимæ. 25 Кæд Уд махæн цардæттæг
у, уæд Уымæн коммæгæсæй хъуамæ цæрæм.
26 Ма уæм цытуарзаг, кæрæдзийы ма мæсты
кæнæм, кæрæдзимæ ма хæлæг кæнæм.

**6** Æфсымæртæ, исчи тæригъæды куы бафта,
уæд æй сымах, Сыгъдæг Удæн коммæгæстæ,
сабырæй раст фæндагмæ раздахут. Уæхи хи-
зут, цæмæй уæхæдæг дæр уыцы къæппæджы
ма бахауат. 2 Уæ кæрæдзийæн царды уаргъ
хæссынмæ æххуыс кæнут æмæ афтæмæй
Чырыстийы æгъдау сæххæст кæндзыстут.
3 Ницы уæвгæйæ йæхицæн цыдæр æнхъæл
чи у, уый йæхи сайы. 4 Алчидæр йæхи хъу-
ыддæгтæм кæсæд æмæ сæ искæй хъуыддæг-
тимæ ма барæд. Уæд, цы хъуыддæгтæ йын
бантыст, уыдоныл цин кæндзæн. 5 Уымæн
æмæ алчидæр йæхи уаргъ ахæсдзæн.

6 Хуыцауы ныхас кæмæн амындæуы, уый
йæ цавæрфæнды исбонæй дæр хай кæнæд
ахуыргæнæгæн.

7 Уæхиуыл сайд ма æруадзут: Хуыцау хын-
джылæггаг нæу. Адæймаг цы байтауа, уый
æркæрддзæн. 8 Йæ буары æрдзыхъæд бафса-
дынæн чи тауы, уый мæлæт æркæрддзæни;
Уды хуымы чи тауы, уый та æркæрддзæни
мыггагмæйы цард. 9 Уæдæ æвæллайгæйæ
аразæм хорз хъуыддæгтæ, уымæн æмæ, кæд
нæ хъару нæ асæтта, уæд йæ заманы æр-
кæрддзыстæм, цы байтауæм, уый. 10 Æмæ,
цалынмæ рæстæг ис, уæдмæ цæй æмæ ал-
кæмæн дæр цæуæм хорзы, уæлдайдæр та,
уырнындзинад мах иу бинонтæ кæимæ
скодта, уыдонæн.

11 Уынут, мæхи къухæй уæм цы стыр дам-
гъæтæй ныффыстон! 12 Æддаг бакастæй цы
зыны, уыдæтты фæрцы йæхи равдисыныл
чи архайы, уыдон уæ сунæтыл æрмæст уый
тыххæй ардауынц, цæмæй Чырыстийы дзу-
ары тыххæй æфхæрд ма баййафой. 13 Уымæн
æмæ, сунæт чи кæны, уыдон суанг сæхæ-
дæг дæр не ’ххæст кæнынц Æгъдау, фæлæ
архайынц, сымах сунæт куыд скæнат æмæ
уымæй сæхицæй куыд раппæлой, ууыл.
14 Мæн та мæхицæй раппæлынæй Хуыцау
бахизæд — раппæлдзынæн, нæ Бардарæг
Йесо Чырыстийы дзуары тыххæй кæй хъу-
сын кæнын, æрмæст уымæй. Уыцы дзуары
фæрцы мæнæн байтыгъдæуыд дуне, мæн
та — дунейæн. 15 Уымæн æмæ, сунæт скæнай,
ма скæнай — уæлдай нæу; ахсджиаг у ногæй
райгуырын. 16 Ацы æгъдаумæ гæсгæ чи цæры,
уыдон хайджын уæнт хорзæх æмæ фарнæй,
æмæ семæ Хуыцауы æппæт Израил!

17 Нырæй фæстæмæ мыл ахæм уаргъ мачи-
уал æвæрæд, уымæн æмæ мæ буарыл Йесойы
хъæдгæмттæ хæссын.

18 Нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы хорзæх
уæд уæ удимæ, æфсымæртæ. Аммен.

# Апостол Павелы фыстæг
# эфесæгтæм

Ацы фыстæг апостол Павел ныффыста, ахæстоны куы бадтис, уыцы рæстæг, филиппæгтæм, коллоссæгтæм æмæ Филимонмæ æрвыст фыстæджытимæ иумæ.

Эфес у ромаг бæстуат Асийы (нырыккон Турчы ныгуылæн былгæрон) сæйраг сахар. Павел дзы фæцис дыууæ азæй фылдæр, Фарны Уац хæсгæйæ æмæ ног чырыстон æхсæнæдтæ саразынил архайгæйæ. Фыстæг адих кæнæн ис дыууæ сæйраг хайыл:

1) фыццаг хайы (1–3 сæртæ) Павел æмбарын кæны, Йесо Чырыстийы фæрцы æвдыст чи æрцыд, Хуыцауы уыцы сусæггаг фæнд. Фарны Уац æмæ Хуыцауыл æууæнк кæрæдзимæ æнгом лæууынц æмæ ирвæзын кæнынц æппæт адæмты дæр, кæцыфæнды адæмыхаттæй куы уой, уæд дæр;

2) дыккаг хайы (4–6 сæртæ) Павел уырнæг адæмы ахуыр кæны ирвæзæн фæндагыл æнгомæй, кæрæдзийы уарзгæйæ, сыгъдæгæй цæуын.

Ацы фыстæджы хъуыдытæ сты, колоссæгтæм æрвыст фыстæджы цы хъуыдытæ ис, уыдоны æнгæс, фæлæ дзы, уыцы фыстæгимæ абаргæйæ, ныхмæлæуджытимæ быцæу ныхас нæй.

---

**1** Павелæй, Хуыцауы фæндæй Йесо Чырыс-
тийы апостолæй — Йесо Чырыстийыл иу-
зæрдион чи у, Эфесы уыцы сыгъдæджытæм.
2Хорзæх æмæ уын фарн Хуыцауæй — нæ
Фыдæй — æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.
3Арфæгонд уæд Хуыцау, нæ Бардарæг Йесо
Чырыстийы Фыд, Чырыстиимæ иудзинады
фæрцы махæн монон лæвæрттæ æххæстæй
уæлæрвты Чи саккаг кодта! 4Чырыстиимæ
иудзинады фæрцы Уый мах сæвзæрста дуне
сфæлдисыны размæ, цæмæй Йæ разы сыгъ-
дæг æмæ æнаипп уæм. 5Кæй нæ уарзы, уымæ
гæсгæ Уый бафæндыд Йесо Чырыстийы фæр-
цы махæй Йæхицæн хъæбултæ скæнын. 6Уы-
мæ гæсгæ Йе стыр хорзæх у кады аккаг — Йæ
уарзон Фырты руаджы нын цы лæвар ракодта,
уый тыххæй. 7Чырысти не ссæрибары аргъ
бафыста Йæ Тугæй, æмæ нын хатыргонд сты
нæ тæригъæдтæ. Афтæ æгæрон у Йæ хорзæх,
8æмæ нын æй радта рæдауæй, цæмæй уæм
æххæст алы уæлзонд æмæ æмбарынадæй.
9Хуыцаумæ рагагъоммæ уыди, Чырыстийы
руаджы кæй хъуамæ сæххæст кодтаид, ахæм
нысан. Æмæ ныр махæн раргом кодта Йæ уы-
цы сусæг фæнд — 10афон куы ралæууа, уæд,
арв æмæ зæххыл цыдæриддæр ис, æппæт уы-
дон баиу кæндзæни Чырыстиимæ иудзинады
фæрцы, Уый сæ сæргъы уыдзæни, афтæмæй.
11Чырыстийы фæрцы махæй Йæхицæн
скодта бындартæ. Афтæ Хуыцау снысан
кодта рагацау, уымæн æмæ Уый æппæт дæр
аразы Йæхи фæндонмæ гæсгæ, 12цæмæй мах
æппæлæм Йæ кадæй, уымæн æмæ Чырыс-
ти зæрдæдарæн фыццаг махæн сси. 13Æмæ
сымах дæр æцæгады ныхас, Фарны Уац, уæ
фервæзыны тыххæй куы фехъуыстат æмæ
Чырыстийыл куы бауæндыдыстут, уæд ба-
иу стут Йемæ. Хуыцауы адæм кæй стут, уый
равдисынæн Хуыцау сымах схайджын кодта,
зæрдæ Кæмæй бавæрдта, уыцы Сыгъдæг
Удæй. 14Уыцы Уд у, Хуыцаумæ нын æфс-
найдæй цы хорзæхтæ лæууы, уыдон кæй
райсдзыстæм, уый æвдисæн. Райсдзыстæм
сæ, Хуыцау Йæ адæмы куы ссæрибар кæна,
уæд. Æмæ афтæмæй Йæ кадыл ноджыдæр
бафтдзæн.
15Уымæ гæсгæ æз дæр, Бардарæг Йесойыл
кæй бауæндыдыстут æмæ æппæт сыгъдæ-
джыты кæй уарзут, уый куы фехъуыстон,
16уæдæй фæстæмæ сымах тыххæй иудадзыг
арфæ кæнын Хуыцауæн æмæ уын кувын.
17Нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы Хуыцау,
кадджын Фыд, схайджын кæнæд уæлзон-
ды Удæй сымах, цæмæй базонат Хуыцауы.
18Байгом уын кæнæд уæ зæрдæйы цæстытæ,
цæмæй фенат, цы зæрдæдарæнмæ уæм ба-
сидт, уый цавæр у, куыд хъæздыг сты, йæ
сыгъдæджыты æмрæнхъ уын хай кæмæй
уыдзæн, Йæ уыцы диссаджы бынтæ, 19куыд
æгæрон у Йæ хъомысы стырад нæ зæрдæты

мидæг махæн — уырнджытæн, Йæ барджын
тыхы архайды фæрцы. 20Уыцы тыхæй Хуы-
цау мæрдтæй райгас кодта Чырыстийы æмæ
Йæ æрбадын кодта Йæ рахизфарс уæлæрвты,
21цыфæнды хицæуттæ æмæ барджынтæй,
цыфæнды тых æмæ хъомысæй уæлдæр; Йæ
ном та йын æппæт нæмттæй фæуæлдæр код-
та канд ацы æнусы нæ, фæлæ фидæны дæр.
22Хуыцау æппæт дæр æрæвæрдта Чырысти-
йы къæхты бын æмæ Йæ сæвæрдта тæккæ
бæрзонддæр бынаты — Аргъуаны сæргъы.
23Аргъуан у Йæ Буар, æмæ уым æххæстæй
Йæхи рарговм кæны, æппæт дæр æххæст Кæй
фæрцы свæййы, Уый.

**2** Уæ фыдракæндтæ æмæ тæригъæдты ах-
хосæй сымах раздæр мард уыдыстут. 2Уыцы
тæригъæдты аххосæй цардыстут ацы дунейы
уагыл, уæлдæфы æлдариуæг чи кæны æмæ,
Хуыцауы ныхмæлæуджыты фæрцы нырцы
мон архайы, уымæн коммæгæсæй. 3Мах дæр
кæддæр цардыстæм уыдоны цардæй, нæ
тæригъæдджын æрдзыхъæды монцты фæ-
дыл цыдыстæм, нæ чъизи хъуыдытæ æмæ
бæллицты коммæ кастыстæм. Иннæтау мах
дæр, не 'рдзыхъæдмæ гæсгæ, уыдыстæм,
Хуыцауы азары аккаг чи уыдис, ахæмтæ.
4Фæлæ хорзæхæй хъæздыг Хуыцау мах афтæ
бирæ бауарзта, 5æмæ мах, нæ тæригъæдты
аххосæй мард адæмы, райгас кодта Чырыс-
тиимæ — сымах фервæзтыстут Хуыцауы хор-
зæхы фæрцы. 6Хуыцау нæ райгас кодта Йесо
Чырыстиимæ æмæ нæ Йемæ æрбадын кодта
уæлæрвты, 7цæмæй фидæны æнусты равди-
са, куыд æгæрон сты Йæ хорзæх æмæ, Йесо
Чырыстийы руаджы махмæ кæй равдыста,
Йæ уыцы уарзт. 8Хуыцауы хорзæх сымах
фервæзын кодта уæ уырнындзинады фæрцы.
Уæхædæг ницæмæй фесгуыхтыстут — уый
уын Хуыцауы лæвар у; 9Уæ хъуыддæгтæм
гæсгæ нæ фервæзтыстут, æмæ йæхицæй
мачи раппæлæд. 10Мах Хуыцауы сконд стæм,
Йесо Чырыстийы фæрцы нæ сфæлдыстæуыд,
Хуыцау нын рагацау кæй снысан кодта, уыцы
хорз хъуыддæгтæ аразынмæ.

11Раздæр цы уыдыстут, уый уæ зæрдыл
дарут. Уæ райгуырдæй фæстæмæ муртаттæг-
тæ уыдыстут. Æнæсунæт адæм уæ хуыдтой,
æрмæстдæр буарæй сунæтгонд чи уыди,
уыдон. 12Уæды заман сымах цардыстут æнæ
Чырыстийæ, æндæрбæстаг уыдыстут, из-
раилаг адæмæн — æцæгæлон. Хуыцау Йæ
адæмæн зæрдæ цæмæй бавæрдта, уыдонмæ
сымах ницы бар дардтат. Сымах а дунейы
цардыстут æнæ ныфс æмæ æнæ Хуыцауæй.

13Сымах кæддæр дард уыдыстут, ныр та
Йесо Чырыстиимæ иудзинады фæрцы ба-
иу стут, æмæ уæ Йæ Туг æрбахæстæг кодта
кæрæдзимæ.

14Чырысти у нæ фидауынгæнæг. Уый
дзуттæгтæй æмæ муртаттæгтæй скодта иу
адæм — фехæлдта, се 'хсæн цы фыдæхы
гæрæн уыди, уый, 15аивта Æгъдау йæ фæ-
дзæхстытæ æмæ уагæвæрдтимæ, цæмæй
Йемæ баиуы фæрцы дыууæ адæмæй сараза
иу ног адæм 16æмæ дыууæты дæр, иу буа-
ры, Хуыцауимæ бафидауын кæна, дзуарыл
мæлæт райсгæйæ æмæ Йæ мæлæтæй фыдæх
фесафгæйæ. 17Æмæ куы æрцыди, уæд æрхас-
та фидыды Фарны Уац сымахæн, Хуыцауæй
дард чи уыди, уыдонæн æмæ Йæм хæстæг чи
уыди, уыдонæн. 18Уыйадыл мах, иудейæгтæ
æмæ муртаттæгтæ, иу Уды фæрцы баиу стæм
æмæ нæ дыууæтæн дæр Чырыстийы фæрцы
байгом ис фæндаг Фыдмæ.

19Уæдæ сымах æцæгæлæттæ æмæ æрцæ-
уæггæгтæ нал стут, фæлæ сыгъдæджыты
æмбæстæгтæ æмæ Хуыцауы хæдзаронтæ.
20Сымах дæр лæууут, апостолтæ æмæ пеху-
ымпартæ кæй сарæзтой, сæрæвæрæн дур
та Йесо Чырысти Йæхæдæг кæмæн у, уыцы
бындурыл. 21Æппæт бæстыхайæн Уый у йæ
бындур, æмæ афтæмæй рæзы, Бардарæджы
рухс Кувæндон куыд суа, афтæ. 22Чырысти-
имæ иудзинады фæрцы рæзут сымах дæр,
цæмæй Сыгъдæг Уды хъаруйæ сымахæй
амадæуа Хуыцауы цæрæнуат.

**3** Уымæ гæсгæ æз, Павел, сдæн Йесо Чы-
рыстийы ахæст — сымах, муртаттæгты,
сæраппонд.

2Сымах, кæй зæгъын æй хъæуы, фехъу-
ыстат, Хуыцау мын мæ бæрны кæй бакодта
Йæ хорзæх уын рарговм кæнын. 3Уæлдæр
цыбырæй куыд фыстон, афтæмæй мын Ху-
ыцау рарговм кодта Йæ сусæгдзинад. 4Куы
йæ бакæсат, уæд, Чырыстийы сусæгдзинад
куыд æмбарын, уый базондзыстут. 5Уыцы
сусæгдзинад адæмы раздæры фæлтæртæн
æргом нæ уыд, ныр та Сыгъдæг Уды руаджы
рарговм Чырыстийы сыгъдæг апостолтæ æмæ
пехуымпартæн. 6Сусæгдзинад уый мидæг
ис, æмæ уыцы бынтæ муртаттæгты дæр сты.
Уыдон дæр — иумæйаг буары хæйттæ, æмæ
уыдонмæ дæр хауы, Йесо Чырыстиимæ иу-
дзинады фæрцы Хуыцау Фарны Уацы зæрдæ
цæмæй бавæрдта, уый.

7Хуыцауы хорзæх мыл сæмбæлд, æмæ Йæ
хъаруйы фæрцы æз сдæн Фарны Уацы лæг-
гадгæнæг. 8Мæнæн, сыгъдæджыты тæккæ

ницæйагдæрæн, рардæуыди уыцы хорзæх —
мыртаттæгтæм Чырыстийы æгæрон хъæз-
дыгдзинады Фарны Уац фæхæццæ кæнын,
9алкæмæн дæр раргом кæнын, райдианæй
фæстæмæ Хуыцау, æппæт Сфæлдисæг, æм-
бæхстæй кæй дардта, уыцы уазвæнд ирвæ-
зындзинады тыххæй, 10цæмæй, уæлæрвты
чи ис, уыцы хицæуттæ æмæ барджынтæн
Аргъуаны руаджы ныр зындгонд уа Хуы-
цауы уæлзонд, алы хуызы йæхи чи æвдисы,
уый. 11Хуыцау афтæ бакодта, дуне сфæл-
дисыны агъоммæ цы снысан кодта, уымæ
гæсгæ. Æмæ Йæ фæндон сæххæст кодта нæ
Бардарæг Йесо Чырыстийы руаджы. 12Чы-
рыстиимæ кæй баиу стæм æмæ Йыл кæй
æууæндæм, уый фæрцы нæ бон у уæндонæй
æмæ ныфсджынæй Хуыцауы раз æрлæууын.
13Уымæ гæсгæ уæ курын: уæ сæраппонд кæй
æвзарын, мæ уыцы тухæнтæ уын уæ ныфс
ма асæттæнт — уыдон уыдзысты уæ кадæн.
14Уый тыххæй æз мæ зонгуытыл лæууын
Фыды раз — 15арв æмæ зæххыл алы мыггаг
дæр ном Кæмæй райста, уый раз — 16Йæ
кады стырадæй уын тых куыд ратта, Йæ
Уды руаджы уæ удвидар куыд скæна, 17уæ
уырнындзинады фæрцы Чырысти уæ зæр-
дæты куыд æрцæра. Уарзондзинад уæд уæ
царды бындур. 18Æз кувын, цæмæй æппæт
сыгъдæджытимæ сымахæн дæр уæ бон ба-
зонын суа, куыд парахат, æгæрон, бæрзонд
æмæ арф у Чырыстийы уарзт — 19зонд кæуыл
не 'ххæссы, Йæ уыцы уарзт, æмæ æххæстæй
схайджын уат Хуыцауы æрдзыхъæдæй.
20Цы курæм кæнæ нæ хъуыдыйы дæр цы
нæй, уымæй дзæвгар фылдæр саразын нæ
бон Кæй хъаруйæ у, 21Уымæн та Йесо Чырыс-
тийы руаджы кад уæд Аргъуаны фæлтæрæй-
фæлтæрмæ, мыггагæй-мыггагмæ! Аммен.

**4** Уæдæ æз — Бардарæджы сæраппонд
ахæст, курын сымахæй, цæмæй уæ цард уа,
Хуыцау уын цы цардыхæс снысан кодта, уый
аккаг. 2Кæддæриддæр ут сæрныллæг, æвæл-
мас; уарзгæйæ быхсут кæрæдзийы хъуагдзи-
нæдтæн. 3Уæхи хъарут кæрæдзиимæ æмуд
уæвыныл, кæрæдзийы уарзгæйæ цæрут. 4Уд
иу у, буар дæр — иу, Хуыцау уæм цы зæрдæ-
дарæнмæ фæсидтис, уыйау. 5Иу у Бардарæг,
иу — уырнындзинад, иу — аргъуыд; 6иу у
Хуыцау — не 'ппæты Фыд. Æппæтæй уæлдæр
Уый у, алкæй уылты дæр æмæ алкæй мидæг
дæр архайы. 7Махæй алкæмæн дæр лæвæрд
уыдис хицæн хорзæх, Чырыстийы кæмæн
цас раттын бафæндыд, уыйас. 8Уымæ гæсгæ
Сыгъдæг Фыст зæгъы:

«Ссыд уæлæмæ,
райста уацайрæгты æмæ
адæймæгтæн радта лæвæрттæ».

9«Ссыд уæлæмæ» та уæд цы амоны, кæд
æмæ, раздæр дæлдзæхмæ кæй ныццыд, уы-
мæ нæ амоны, уæд? 10Чи ныццыд, æппæт
уæлæрвтæй уæлдæр дæр Уый ссыд, цæмæй
дун-дунейæн паддзахиуæг кæна. 11Æмæ Уый
иуты сæвæрдта апостолтæй, иннæты — пе-
хуымпартæй, аннæты — Фарны Уац хъусын-
гæнджытæй, кæйдæрты та — фыййæуттæй
æмæ ахуыргæнджытæй, 12цæмæй уыдон
сыгъдæджыты цæттæ кæной Хуыцауæн
уазлæггад кæнынмæ, æмæ афтæмæй рæза
Чырыстийы Буар, 13цалынмæ не 'ппæт дæр
нæ уырнындзинады æмуд не суæм, Хуыцауы
Фырты нæ базонæм æмæ Чырыстийау алцæ-
мæй дæр æххæст нæ уæм, уæдмæ.
14Уæд нал уыдзыстæм, алы ахуырæдтæ
уылæнтау кæмæй хъазынц æмæ дымгæйау
кæй ахæссынц, ахæм сабитæ; сайынмæ дæс-
ны чи у, уыдоны амæттаг нал уыдзыстæм.
15Фæлæ æнувыд уæм æцæгад æмæ уарзтыл,
алцæмæй дæр суæм Чырыстийы хуызæн
æмæ баиу уæм Йемæ, Чырыстиимæ, Буары
Сæримæ. 16Уый у, йе уæнгтæ кæрæдзиуыл
æнгом кæмæн хæцынц, уыцы Буары иугæ-
нæг: алы уæнг дæр кæны йæхи куыст, æмæ
афтæмæй Буар æгасæй дæр рæз хæссы æмæ
арæзт цæуы уарзондзинады фæрцы.
17Уымæ гæсгæ уын зæгъын æмæ Барда-
рæджы номæй фæдзæхсын, цæмæй мауал
цæрат, мыртаттæгтæ сæ рæуузонды аххосæй
куыд цæрынц, афтæ. 18Уыдонæн сæ зонд
аныгъуылд талынджы, æнæфенд æмæ дур-
зæрдæ кæй сты, уый аххосæй æнæхай фесты,
Хуыцау цы цард дæтты, уымæй. 19Хъæбæр-
зæрдæтæ систы æмæ уымæ гæсгæ бафты-
дысты æлгъаг хъуыддæгтыл, чъизи митæй
сын бафсис нал ис.
20Сымах та афтæ нæ базыдтат Чырыстийы,
æмæ ахæм цардæй цæрат. 21Уымæн æмæ
сымах фехъуыстат Йесойы тыххæй æмæ
Йæ фæрцы æцæгадыл сахуыр стут, уымæн
æмæ æцæгад ис Чырыстийы мидæг. 22Сымах
ахуыр кодтой уæ раздæры царды уаг ныууа-
дзыныл, уæ чъизи монцтæ уæ куы сайдтой
æмæ уæ раууатмæ куы тардтой, раздæры
уыцы цардæй аздæхыныл, 23цæмæй сног уат
уд æмæ зондæй 24æмæ суат, Хуыцауы сконды
хуызæн чи у, æцæгадмæ гæсгæ рæстæй æмæ
сыгъдæгæй чи цæры, ахæм ног адæймæгтæ.
25Уæдæ мæнг ныхæстæ мауал кæнут — ал-
чидæр йæ хионæн дзурæд, æцæг цы у, уый,
уымæн æмæ мах стæм иу буары уæнгтæ.

26«Уæ масты фæдыл ма цæут æмæ уæхи-
мæ тæригъæд ма исут»: дæ мастæй фервæз,
цалынмæ хур нæ аныгуылд, уæдмæ; 27хæй-
рæджы уæхимæ æмгæрон ма уадзут. 28Чи
давта, уый мауал давæд, уый бæсты кусæд,
йæхи къухтæй пайдайаг хъуыддæгтæ кæ-
нæд, æмæ йæм уа, хъуаг чи æййафы, уымæ
фæкæсыны фаг дæр.
29Æнæуаг ныхас æппындæр ма схауæд
уæ дзыхæй, фæлæ, адæймагæн йæ тыхсты
чи феххуыс уыдзæн æмæ йæ чи фæфидар
кæндзæн, æрмæстдæр ахæм хорз ныхæс-
тæ, — чи сæ фехъуса, уыдонæн фарны хос
куыд уой, афтæ. 30Сыгъдæг Уды хъыджы ма
цæут, уымæн æмæ уыл Ирвæзынδзинады
бонмæ сæвæрдæуыд Йæ мыхуыр. 31Мæс-
тыгæр æмæ знæт уæвын, хъæр-хъæлæба,
фыдгой æмæ алы æндæр фыдæх — æппæт
уыдæттæ ныууадзут. 32Цæрут хæларæй, кæ-
рæдзийы зындзинад уæм хъарæд, Хуыцау
уын Чырыстийы фæрцы куыд ныббарста,
афтæ хатыр кæнут кæрæдзийæн.

**5** Уæдæ уарзон хъæбултау архайут Хуыца-
уы æнгæс уæвыныл. 2Кæрæдзийы уарзгæйæ
цæрут, Чырысти мах куыд бауарзта æмæ нæ
сæраппонд Хуыцауæн æхцон хæрздæф ны-
вондæн Йæхи куыд æрхаста, афтæ.
3Хæтынæн, цавæрфæнды чъизи мийæн
æмæ кæрæфæн уæм хъуамæ сæ кой дæр
ма уа — сыгъдæджытæн афтæ не ’мбæлы.
4Стæй уыл фыддзых, дзæгъæлдзырд æмæ
æнæуаг хъазæн ныхæстæ дæр нæ фидауынц,
уый бæсты арфæ кæнут Хуыцауæн. 5Сымах
хъуамæ зонат: нæдæр хæтагæн, нæдæр чъи-
зи адæймагæн, нæдæр кæрæфæн — уымæн
æмæ кæрæф мæнгхуыцауæн кувæг у, — Чы-
рыстийы æмæ Хуыцауы Паддзахады хай
нæ уыдзæн.
6Дзæгъæл ныхæстæй уæ мачи асайæд,
уымæн æмæ æппæт уыдæтты тыххæй Ху-
ыцау, басæттын чи нæ комы, уыдоныл Йæ
азар ныккалдзæн. 7Уæдæ уын уыдонимæ
иумæйагæй мацы уæд. 8Сымах кæддæр та-
лынджы уыдыстут, ныр та Бардарæгимæ
рухсы стут. Уæдæ цæрут рухсы хъæбултау,
9уымæн æмæ рухсæн йæ дыргътæ сты: хæ-
лардзинад, рæстад æмæ æцæгад. 10Архайут,
Хуыцауæн фæндон цы у, уый базоныныл,
11Æмæ уын, талынджы æнæпайда хъуыддæг-
ты чи архайы, уыдонимæ иумæйагæй мацы
уæд, фæлæ сын сæ хурмæ хæссут. 12Уымæн
æмæ, уыдон сусæгæй цы кæнынц, уыдæт-
тæн суанг сæ кой дæр худинаг у. 13Рухсмæ
цыдæриддæр рахастæуы, уый раргом вæййы,
цы раргом уа, уый та рухс фесты. 14Уымæ
гæсгæ загъдæуыд:

> «Райхъал у дæ фынæйæ,
> рабад мæрдтæй,
> æмæ дæ Чырысти ныррухс кæндзæн».

15Уæдæ кæсут уæхимæ: уæхи дарут æнæ-
зондтау нæ, фæлæ, æмбаргæтæн куыд æм-
бæлы, афтæ. 16Пайда кæнут алы фадатæй
дæр, уымæн æмæ рæстæг æвзæр у. 17Æнæм-
баргæ ма ут, фæлæ базонут, Бардарæгæн
фæндон цы у, уый. 18Фыднозт ма кæнут
сæн, уымæн æмæ уый расайы хæлд митæ,
уый бæсты уæхи йемыдзаг кæнут Сыгъдæг
Удæй. 19Куы æрæмбырд вæййут, уæд зарут
псаломтæ, гимнтæ æмæ монон зарджытæ;
зæрдиагæй зарут æмæ стаут Бардарæджы.
20Иудадзыг æмæ алцæй тыххæй дæр нæ
Бардарæг Йесо Чырыстийы номæй бузныг
ут Фыд Хуыцауæй.
21Чырыстийы тас уæм кæй ис, уымæ гæсгæ
кæрæдзийы коммæ кæсут. 22Сылгоймæгтæ,
цыма Бардарæджы коммæ кæсут, афтæ уæ
лæгтæн ут коммæгæс. 23Уымæн æмæ нæл-
гоймаг сылгоймаджы сæрыхицау у, Чырысти
Аргъуаны хицау куыд у, афтæ. Чырысти у
Йæ буары — Аргъуаны — Ирвæзынгæнæг
дæр. 24Фæлæ Аргъуан Чырыстийæн куыд
коммæгæс у, афтæ сылгоймæгтæ дæр хъу-
амæ кæддæриддæр кæсой сæ лæгты коммæ.
25Лæгтæ, уарзут уæ устыты, Чырысти Ар-
гъуан куыд бауарзта, афтæ — йæ сæраппонд
Йæхи æрхаста нывондæн, 26цæмæй йæ цæхса
дон æмæ ныхасæй æмæ йæ афтæмæй сны-
вонд кæна Хуыцауæн. 27Æрлæууын æй кæна
Йæ разы намысджын Аргъуанæй, æнæ сау
стъæлфæй, æнæ къæмæй, æнæ æндæр исты
аиппæй, сыгъдæг æмæ æнæфау куыд уа, аф-
тæ. 28Лæгтæ сæхи буар куыд уарзынц, афтæ
хъуамæ уарзой сæ устыты. Йæ усы чи уарзы,
уый йæхи уарзы. 29Йæ буар æнæуынон никуы
никæмæн уыд, фæлæ йæ алчидæр æфсады
æмæ йыл мæт кæны. Афтæ Чырыстийы мæт
дæр Йæ Аргъуаныл у, 30уымæн æмæ мах
Йæ Буары уæнгтæ стæм. 31«Уымæ гæсгæ
адæймаг ныууадздзæн йæ фыд æмæ йæ
мады, баиу уыдзæн йæ усимæ, æмæ дыууæ
уыдзысты иу буар». 32Уыцы ныхæсты стыр
сусæгдзинад æвæрд ис, æмæ æз зæгъын:
уый хауы Чырысти æмæ Аргъуанмæ. 33Уы-
имæ — сымахмæ дæр: алчидæр, йæхи куыд
уарзы, афтæ уарзæд йæ усы, ус та аргъуыц
кæнæд йæ лæгæн.

**6** Сывæллæттæ, кæсут уæ ныййарджы-
ты коммæ, Дунедарæг куыд домы, афтæ.

2«Нымай дæ фыд æмæ дæ мады» — ахæм у
фыццаг фæдзæхст зæрдæвæрдимæ: 3«Цæ-
мæй уай фæрнджын æмæ бирæ фæцæрай
зæххыл».

4Сымах дæр, ныййарджытæ, ма мæсты
кæнут уæ сывæллæтты, фæлæ сæ хъомыл
æмæ ахуыр кæнут Бардарæджы фæдзæхс-
тытæм гæсгæ.

5Цагъартæ, зæрдиагæй, тæрсгæйæ æмæ
аргъуыц кæнгæйæ уæ зæххон хицæутты
коммæ кæсут, цыма Чырыстийæн лæггад
кæнут, афтæ. 6Сæ зæрдæ сын балхæнынæн
цæстмæкуыст ма кæнут, фæлæ сын кусут,
Хуыцауы фæндон æнувыдæй чи æххæст кæ-
ны, Чырыстийы уыцы цагъартау. 7Кусут сын
зæрдæрайгæйæ, адæмæн кусæгау нæ, фæлæ,
Бардарæгæн цыма лæггад кæнут, афтæ. 8Уæ
зæрдыл дарут: алчидæр, цагъар уа æви сæ-
рибар, Бардарæгæй райсдзæни хорзæх йæ
алы хорз хъуыддаджы тыххæй дæр.

9Сымах дæр, хицæуттæ, уæ цагъартæм
ахæм цæстæй кæсут, ныууадзут уе 'ртхъи-
рæнтæ. Хъулон Чи никæй кæны, сымахæн
дæр æмæ уыдонæн дæр уæлæрвты ахæм
Бардарæг кæй ис, уый уæ рох ма уæд.

10Æппынфæстаг, ме 'фсымæртæ, удвидар
кæнут Бардарæгимæ, Йæ хъомыс æмæ Йæ
хъаруйы фæрцы. 11Уæхи сифтонг кæнут Хуы-
цауы хотыхтæй, уæ бон хæйрæджы мæнгард
миты ныхмæ лæууын куыд уа, афтæ. 12Уы-
мæн æмæ нæ тох адæймаджы ныхмæ нæу,
фæлæ æнæбуар хицæуттæ æмæ барджынты
ныхмæ, ацы талынг дунейы æлдæртты ных-
мæ, уæлдæфы чи ис, уыцы фыдæххæссæг
монты ныхмæ. 13Уый тыххæй уæхи сиф-
тонг кæнут Хуыцауы хотыхтæй, цæмæй,
фыдæвзарæн бон куы ралæууа, уæд уæм
ныхмæ æрлæууыны хъару разына, æппæтыл
дæр фæуæлахиз уат æмæ ма фæцудат. 14Уæ-
дæ фидар лæуут, уæ астæутæ æрбалвасут
æцæгадæй, уæ уæлæ скæнут рæстады згъæр-
хæдон. 15Фарны Уац хъусын кæнут — уымæ
цæттæдзинад суæд уæ къахыдарæс. 16Ноджы
ма уæм, уыдонæй уæлдай, уæд уырнындзи-
нады уарт — хæйрæджы судзгæ фæттæ иу-
уылдæр кæй фæрцы ахуыссын кæндзыстут,
уый. 17Ирвæзындзинады згъæрхуд райсут,
стæй монон цирхъ — Хуыцауы Ныхас.

18Кæддæриддæр кувут æмæ курут Хуы-
цауы Удæй разæнгардæй. Уый тыххæй ут
къæрцхъус æмæ æвæллайгæйæ кувут æппæт
сыгъдæджыты тыххæй. 19Кувут мæн тыххæй
дæр, цæмæй мæ дзурын куы бахъæуа, уæд
мын Хуыцау, цы зæгъон, уый ратта æмæ
æз ныфсджынæй раргом кæнон Фарны Уа-
цы сусæгдзинад. 20Рæхыстæй бастæй дæр
æз дæн уыцы Фарны Уацы минæвар. Кувут,
цæмæй йæ фехъусын кæнон ныфсджынæй,
куыд мын æмбæлы, афтæ.

21Цæмæй сымахæн дæр мæ уавæртæ æмæ
мæ хъуыддæгтæ зындгонд уой, уый тыххæй
уын æппæт дæр радзурдзæн Тихик, нæ уар-
зон æфсымæр æмæ Бардарæджы иузæрдион
кусæг. 22Æз æй æрвитын сымахмæ, цæмæй
мах тыххæй базонат, æмæ уын уæ зæрдætæ
фæфидар кæна.

23Æфсымæртæн фарн æмæ уарзт уырнын-
дзинадимæ — Фыд Хуыцауæй æмæ Барда-
рæг Йесо Чырыстийæ. 24Нæ Бардарæг Йесо
Чырыстийы чи уарзы, уыдон се 'ппæт дæр
хайджын уæнт Хуыцауы хорзæх æмæ æнусон
цардæй. Аммен.

# Апостол Павелы фыстæг филиппæгтæм

Филиппты — ромаг провинци Македонийы (ныры Бердзены цæгатаг хай æмæ республикæ Македони) ахсджиагдæр сахартæй иу. Павел комкоммæ ардыгæй райдыдта Фарны Уац Европæйы алы къуымты хæссын.

Ацы фыстæг Павел ныффыста ахæстоны. Нæй дзы иугæнæг сæйраг темæ, фæлæ дзы Павелы удыхъæд, иннæ фыстæджыты цас разынд, уымæй бирæ хуыздæр зыны. Павел цин кæны цыфæнды зын раны дæр. Йæ ахæсты уавæр ын фадат дæтты Евангели ноджы тынгдæр парахат кæнынæн. Павел йæ хъизæмæрт-ты фæзмы Йесойы æмæ чиныгкæсджытæм дæр сиды Йæ бафæзмынмæ, филиппæгтæй та куры, цæмæй кæрæдзиуыл фидар хæцой, æмæ сын арфæ кæны сæ уарзт æмæ сæ зæрдиаг лæвæртты тыххæй.

---

**1** Павел æмæ Тимофейæ, Йесо Чырыстийы
цагъартæй, — Йесо Чырыстиимæ удæнгом
чи у, Филиппты уыцы сыгъдæджытæм, ар-
гъуаны хистæртæм æмæ диакъонтæм.
2Хорзæх æмæ уын фарн нæ Фыд Хуыцауæй
æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.
3Куы уæ æрымысын, уæд кæддæриддæр
сымах тыххæй бузныг вæййын мæ Хуыца-
уæй. 4Кæдфæнды ма кувон уе ’ппæты тых-
хæй дæр — алы хатт, цингæнгæ, фæкувын.
5Уымæн æмæ сымах Фарны Уац хъусын кæ-
ныныл архайут фыццаг бонæй суанг абоны
онг. 6Сымахмæ уыцы хорз хъуыддаг чи рай-
дыдта, Уый йæ Йесо Чырыстийы æрцыдмæ
кæронмæ кæй ахæццæ кæндзæн, ууыл æз
фидарæй æууæндын. 7Уе ’ппæтмæ дæр æз
хъуамæ ахæм цæстæй кæсон, уымæн æмæ
сымах цæрут мæ зæрдæйы. Уе ’ппæт — ныр-
тæккæ, ахæстоны куы дæн, уæд дæр, Фарны
Уацы сæрыл куы хæцыдтæн, уæд дæр æмæ,
раст кæй у, уымæн æвдисæн куы лæууыдтæн,
уæд дæр — мемæ иумæ архайдтат, мæнæн
нысандгонд чи у, уыцы арфæйаг хъуыдда-
джы. 8Уе ’ппæты дæр Йесо Чырыстийы уарз-
тæй кæй уарзын, уымæн Хуыцау — æвдисæн.
9Æз кувын, цæмæй рæза уæ уарзондзинад,
уæ зонындзинæдтæ фылдæрæй-фылдæр кæ-
ной æмæ уæм уа арф æмбарынад, 10цæмæй
уæ бон уа, хуыздæр цы у, уый раиртасын.
Уæд Чырыстийы æрцыды бон уыдзыстут
сыгъдæг æмæ æнæфау, 11Йесо Чырыстийы
фæрцы алцæмæй дæр разындзыстут рæст-
гæнджытæ Хуыцауы кад æмæ намысæн.
12Фæнды мæ, ме ’фсымæртæ, цæмæй сы-
мах зонат, æз цы уавæры бахаудтæн, уый
кæй фæахъаз Фарны Уац парахатдæрæй
хъусын кæнынæн; 13æмæ æз Чырыстийы
сæраппонд ахæстоны кæй дæн, уый базыд-
той галуаны æппæт хъахъхъæнджытæ, стæй
иннæтæ дæр. 14Æмæ, æз ахст кæй дæн, уый
æфсымæртæн сæ фылдæры сразæнгард код-
та Бардарæгыл зæрдæ тынгдæр дарынмæ,
æмæ ноджы ныфсхастдæрæй, уæндондæрæй
хъусын кæнынц Хуыцауы ныхас.
15Раст зæгъын хъæуы, иуæй-иутæ сæ хæ-
лæгæй æмæ сæхи кады сæраппонд дзурынц
Чырыстийы тыххæй, иннæтæ та — сыгъ-
дæг зæрдæйæ. 16Иутæ — уарзты сæрвæлтау,
Фарны Уацы сæрылхæцæгæй мæн Хуыцау
сæвæрдта, уый зонгæйæ. 17Иутæн сæ зæрдæ
сыгъдæг нæу — Чырыстийы тыххæй дзурынц
хи уæлдæр сæвæрыны тыххæй, бæлгæ та
кæнынц, мæ рæхыстæ куыд фæуæззаудæр
уой, уымæ. 18Æмæ цы? Чырыстийы тых-
хæй куыдфæнды ма дзурæд, — былалгъæй
кæнæ зæрдиагæй, — уæддæр райын. Æмæ
райдзынæн, 19уымæн æмæ зонын: уæ ку-
ывды руаджы æмæ Йесо Чырыстийы Уды
æххуысæй уый мæнæн фæахъаз уыдзæн
фервæзынæн. 20Æнхъæлмæ кæсын æмæ
мæ зæрдæ дарын, æз кæй ницæмæй фегад
уыдзынæн, фæлæ раздæрау ныр дæр кæй
разындзынæн ныфсджын, æмæ мæ фæрцы
снамысджын уыдзæн Чырысти — кæнæ мæ
цардæй, кæнæ мæ мæлæтæй. 21Уымæн æмæ
мæ цард Чырысти у, мæлæт — ме ’фтиаг.
22Мæ буары цæргæйæ куы баззайон, уæд
уый та мæ хъуыддагæн пайда у; æмæ, цы
равзарон, уый нæ зонын. 23Сæ иумæ дæр æх-
сайы мæ зæрдæ æмæ иннæмæ дæр: фæнды

мæ ацы дунейæ ацæуын æмæ Чырыстиимæ
цæрын — уый бирæ хуыздæр у. 24Уæ сæ-
раппонд та хуыздæр у мæ буары баззайын.
25Æз æнæгуырысхойæ æууæндын, ма цард
дарддæр дæр уе 'ппæтимæ кæй æрвитдзы-
нæн, цæмæй рæза уæ уырнындзинад æмæ
зæрдæрухс уат. 26Æмæ та уæм куы æрцæуон,
уæд уын мæ фæрцы фылдæр фадат уыдзæн,
Йесо Чырыстийы руаджы уын цы бантыст,
уымæй раппæлынæн.

27Æрмæст уæ цард уæд Чырыстийы Фарны
Уацмæ гæсгæ. Æмæ уæм куы æрцæуон, уæд
уæ фендзынæн, кæнæ уæм кæд мæ бон æр-
бацæуын не суа, уæд фехъусдзынæн, сымах
кæй стут æмуд, æмзæрдæйæ кæй тох кæнут
Фарны Уацы бындурыл амад уырнындзина-
дыл 28æмæ æппындæр уæ ныхмæлæуджы-
тæй кæй нæ тæрсут. Хуыцау сын уе 'хсары
руаджы равдисдзæн: уыдон фесæфдзысты,
сымах та фервæздзыстут. 29Уымæн æмæ
сымахæн хорзæхæн лæвæрд у Чырыстийыл
æрмæст æууæндын нæ, фæлæ Йæ сæраппонд
хъизæмар кæнын дæр. 30Сымах архайут, æз
кæм архайдтон, уыцы тохы. Куыд тох кодтон,
уый сымах федтат, ныр та хъусут, абон дæр
мæ тох кæй нæма фæци, уый.

**2** Уæдæ Чырыстиимæ кæй стут, уый уын
кæд исты ныфс дæтты, кæд уын Йæ уар-
зондзинад циндзинад хæссы æмæ уын кæд
Сыгъдæг Удимæ иудзинад ис, кæд хатыр-
джын æмæ тæригъæдгæнаг стут, 2уæд но-
джыдæр бафтаут мæ цинtargыл: тынг уарзут
кæрæдзийы, æмуд æмæ æмзонд ут. 3Пайда
кæнæ хи стауыны охыл мацы аразут. Иу уæ
иннæйы йæхицæй уæлдæр æвæрæд. 4Ал-
кæмæн дæр уæ йæ мæт йæхиуыл нæ, фæлæ
иннæтыл уæд. 5Сымах алцæмæ дæр хъуамæ
кæсат Йесо Чырыстийы цæстæй: 6Уый Йæ
æрдзыхъæдмæ гæсгæ уыди Хуыцау, фæлæ
Йæхи Хуыцауы æмсæр не 'вæрдта, 7фæ-
лæ барвæндонæй æрныллæнг кодта Йæхи,
адæймаджы фæлгонц райста æмæ уыди
адæймаджы æнгæс. 8Уый нæ, фæлæ ма Йæхи
уымæй ноджы фæныллæгдæр кодта æмæ
сæрныллæгæй мæлæт райста, дзуарылтыгъ-
дæй мæлæт. 9Æмæ Йæ Хуыцау афтæ сбæр-
зонд кодта, æмæ Йын радта æппæт нæмттæй
дæр уæлдæр ном, 10цæмæй Йесойы номы
раз æрзоныг кæной, уæларв, зæххыл æмæ
дæлдзæх чидæриддæр ис, уыдон иууылдæр,
11æмæ Хуыцауы кадæн алкæй æвзаг дæр
расида, Йесо Чырысти — Бардарæг, зæгъгæ.

12Мæ уарзон хæлæрттæ, сымах иудадзыг
коммæгæс уыдыстут — æз уемæ куы уыдтæн,
уæд дæр, уæлдайдæр та ныртæккæ, æз уе-
мæ куы нæ дæн, уæд. Уæдæ тæрсгæ-ризгæ-
йæ уæхи хъарут уæ фервæзыныл, 13уымæн
æмæ Хуыцау Йæхæдæг кусы уæ зæрдæты —
фæндон Ын чи у, уæ уыцы бæллицтæ æмæ
хъуыддæгтæ Уымæй рацæуынц. 14Æппæт
дæр кæнут æнæ хъуыр-хъуырæй æмæ æнæ
гуырысхойæ, 15цæмæй уат Хуыцауы æна-
ипп, сыгъдæг æмæ æнæфау хъæбултæ ацы
æнæуаг æмæ хæлд адæмы 'хсæн. Арвыл цы
стъалытæ ферттивы, сымах ахæм стъалытау
стут се 'хсæн, 16Парахат кæнут цардæттæг
ныхас. Æмæ, Чырысти куы 'рцæуа, уæд мæ
бон раппæлын уыдзæни, дзæгъæлы кæй нæ
архайдтон, стæй дзæгъæлы кæй нæ фæку-
ыстон, уымæй. 17Фæлæ мæ, мыййаг, суанг
нывондæн куы æрхастæуа æмæ нывонды
тугау мæ туг уæ уырнындзинады нывондыл
куы акæла, уæд дæр æз цин кæнын, стæй
цин кæнын уе 'ппæтимæ дæр. 18Афтæ цин
кæнут сымах дæр, стæй цин кæнут мемæ
иумæ дæр!

19Бардарæг Чырыстийы фæрцы мæ зæрдæ
дарын сымахмæ рæхджы Тимофейы арви-
тыныл, цæмæй æз дæр базонон уæ уавæрты
тыххæй æмæ барухс уа мæ зæрдæ. 20Мæнæн
æндæр ахæм адæймаг нæй, Тимофейау сы-
махыл афтæ зæрдиагæй чи бамæт кæна.
21Иннæтæ иууылдæр мæт кæнынц, Йесо
Чырыстийæн фæндон цы у, ууыл нæ, фæлæ
сæхи пайдайыл. 22Тимофей фæлтæрд кæй у,
уый та зонут, уымæн æмæ, фырт йæ фыды
фарсмæ куыд балæууа, афтæ мемæ Фарны
Уац хъусын кæныныл куыста æнувыдæй.
23Дарддæр мæм цы 'нхъæлмæ кæсы, уый
куыддæр базонон, афтæ мæ ныфс ис æвæс-
тиатæй йæ сымахмæ арвитынæй. 24Бардарæ-
джы фæрцы мæ фидарæй уырны, рæхджы
уæм мæхæдæг дæр кæй зындзынæн, уый.

25Æнæмæнг хъуыддагыл ма ноджы мæ-
хицæн нымайын, бахъуаджы рæстæг мæм
æххуысмæ кæй æрбарвыстат, мæ уыцы æф-
сымæр, æмкусæг æмæ æмтохгæнæг Эпаф-
родиты фæстæмæ арвитын. 26Уымæн æмæ
тынг бæллы уе 'ппæты фенынмæ дæр æмæ
стыр мæты бафтыд, йæ фæрынчыны хабар
уæм кæй байхъуыст, уый тыххæй. 27Уы-
ди рынчын æмæ фæцæймард, фæлæ йын
Хуыцау батæригъæд кодта, æмæ æрмæст
уымæн нæ, фæлæ мæнæн дæр, мæ хъыгыл
куыннæуал бафта, афтæ. 28Уымæ гæсгæ уæм
æй æрвитын æвæстиатæй, цæмæй уын йæ
фенд æрхæсса цин, мæнæн та мæ хъыг фæ-
къаддæр уа. 29Уæдæ, Бардарæгæн æхсызгон
куыд уа, афтæ йыл сæмбæлут цинимæ. Аргъ

кæнут ахæмтæн. 30Чырыстийы хъуыддаджы сæраппонд Эпафродит мæлæтмæ цыди, йæ цард æвгъау нæ кодта, цæмæй, сымахæн уæ бон цы нæ уыди, уыцы æххуыс мын уæ бæсты бакæна.

**3** Уæдæмæ, ме 'фсымæртæ, цин кæнут, Бардарæгимæ кæй стут, ууыл. Раздæр уын цы дзырдтон, уый уæм ногæй ныффыссон, уый мæнæн зын нæу, сымах та фыдбылызæй бахиздзæн.

2Уæхи хизут куыйтæй, уæхи хизут зианхæссæг кусджытæй, уæхи хизут, буарæй хынджылæггаг чи аразы, уыдонæй. 3Мах стæм æцæг сунæтгонд — кусæм Хуыцауæн, Сыгъдæг Уд нæ куыд аразы, афтæ. Нæ зæрдæ зæххоныл нæ дарæм, фæлæ сæрыстыр стæм, Йесо Чырыстиимæ кæй стæм, уымæй. 4Æниу, мæ бон у, æмæ зæххоныл дæр дарон мæ зæрдæ. Кæд искæмæ афтæ кæсы, æмæ зæххоныл зæрдæ дарын йæ бон у, уæд мæ бон та ноджы тынгдæр у. 5Сунæтгонд æрцыдтæн мæ царды æстæм бон, дæн израилаг адæмæй, Бениамины хæдзарвæндагæй, дзуттæгтæй райгуырæг дзуттаг, Æгъдау куыд æххæст кодтон, уымæ гæсгæ — фарисей, 6диныл фырæнувыдæй — Аргъуан æфхæрæг, Æгъдаумæ гæсгæ — æнæфау рæстгæнæг. 7Фæлæ мæм раздæр пайдайаг цы касти, уый Чырыстийы тыххæй банымадтон ницæуыл. 8Уый нæ, фæлæ, тæккæ зынаргъдæр цы у, уый сæраппонд — Йесо Чырыстийы базоныны сæраппонд — æз æппæт дæр нымайын ницæуыл. Чырыстийы тыххæй æнæхай фæдæн алцæмæй дæр, æппæт дæр нымайын быроныл, цæмæй мæ иунæг хæзна уа Чырысти, 9æмæ баиу уон Йемæ. Æз нал тырнын, Æгъдау æххæст кæныны руаджы мæм цы рæстад уыди, уый равдисынмæ, фæлæ тырнын, Чырыстийыл æууæндыны руаджы Хуыцау уирнджытæн кæй дætты, уыцы рæстадмæ. 10Мæ нысан у Чырыстийы, ома мæрдтæй Йæ цы тых райгас кодта, уый базонын, Йæ хъизæмæртты хай Йын бавзарын æмæ, Уый куыд амарди, афтæ амæлын, 11æз дæр мæрдтæй кæй райгас уыдзынæн, ууыл мæ зæрдæ даргæйæ.

12Æз афтæ нæ зæгъын, æмæ ныридæгæн бахæццæ дæн мæ нысанмæ кæнæ æнаипп сдæн; фæлæ тындзын размæ, гæнæн æмæ амалæй хæрзиуæг мæхи бакæнынмæ — Йесо Чырысти мæ уый тыххæй скодта йæхион. 13Æфсымæртæ, æз афтæ æнхъæл нæ дæн, æмæ мæ хæрзиуæг ныридæгæн райстон. Æрмæст, фæстæмæ нæ кæсгæйæ, æз тырнын размæ 14æмæ тындзын нысанмæ, Йесо Чырыстийы фæрцы Хуыцау мæнмæ цы уæларвон хæрзиуæджы тыххæй фæсидти, уый райсынмæ. 15Уæдæ махæй, алцæмæй æххæст чи у, уымæ ахæм хъуыды хъуамæ уа. Кæд истæй фæдыл æндæр хъуыдыйыл хæст стут, уæд уын уый дæр Хуыцау раргом кæндзæн. 16Уæвгæ, куыдфæнды ма уæд, дарддæр дæр цæрæм, цы нын бантыст, уымæ гæсгæ.

17Æфсымæртæ, курын уæ, мæн фæзмут. Нæхи уын цыхуызæнæй равдыстам, ахæм уагыл чи цæры, уыдон сымахæн уæнт фæзминаг. 18Уымæн æмæ бирæтæ, — æз уын уыдоны тыххæй арæх дзырдтон æмæ та ногæй, кæугæйæ, дзурын, — цæрынц Чырыстийы дзуары знæгтау. 19Уыдонæн сæ кæрон — бынсæфт, сæ хуыцау — сæ гуыбын, худинаг сæм цы хъуамæ кæсид, уымæй сты сæрыстыр. Сæ мæт у зæххон цардыл. 20Махæн та нæ бæстæ ис уæлæрвты, уырдыгæй æнхъæлмæ кæсæм Ирвæзынгæнæгмæ дæр — Бардарæг Йесо Чырыстимæ. 21Æппæт басæттын дæр Йæ бон кæмæй у, Йæ уыцы хъаруйæ Уый аивдзæн нæ лæмæгъ буар, скæндзæн æй Йæ кадджын Буары халдих.

**4** Уæдæ, зæрдæйæ кæй уындмæ бæллын, мæ цин æмæ мæ хæрзиуæг чи у, мæ уыцы уарзон æфсымæртæ, фидар лæуут, Бардарæгыл æууæндгæйæ.

2Хатын Еводимæ, хатын Синтихимæ: сымах Бардарæгимæ стут æмæ кæрæдзийы æмбаргæйæ цæрут. 3Дæуæй дæр, мæ иузæрдион æмкусæг, æххуыс курын уыцы сылгоймæгтæн. Сæ нæмттæ царды чиныджы фыст кæмæн сты, уыцы Клемент æмæ мæ иннæ æмкусджыты æмрæнхъ уыдон дæр мемæ иумæ тох кодтой Фарны Уац адæммæ хæссыны сæраппонд.

4Иудадзыг цин кæнут, уымæн æмæ сымах Бардарæг Йесоимæ иу стут; æмæ ма уын ноджыдæр зæгъын — цин кæнут. 5Æвæлмас кæй стут, уый зындгонд уæд æппæт адæмæн дæр. Бардарæг хæстæг у. 6Мацæуыл мæт кæнут, фæлæ алы хатт дæр кувут Хуыцаумæ, лæгъстæ Йын кæнут, арфæ Йын кæнгæйæ, æргом кæнут уæ фæндиæгтæ, 7æмæ, зонд кæуыл не 'ххæссы, Хуыцауы уыцы фарн бахъахъхъæндзæн уæ зæрдæтæ æмæ уæ зонд Йесо Чырыстиимæ иудзинады фæрцы.

8Ноджы ма, ме 'фсымæртæ, æцæг, уæздан, раст, сыгъдæг, уарзинаг, æхцон цыдæриддæр у, цыдæриддæр нывыл æмæ раппæлинаг у, бæллут уымæ. 9Цæуыл уæ сахуыр кодтон, цы уын радтон, цы уын загътон, цыхуызæнæй

мæ федтат, фæзмут æппæт уыдæттæ, æмæ
фарндæттæг Хуыцау уыдзæн уемæ.

10 Бузныг дæн Бардарæгæй æмæ мæ цинæн
кæрон нал ис, дзæвгар рæстæджы фæстæ та
мыл тыхсын кæй райдыдтат, уый тыххæй.
Уæвгæ мыл кæддæриддæр тыхстыстут, фæ-
лæ уын фадат нæ уыд. 11 Хъуæгтæ æййафын,
зæгъгæ, уый тыххæй уын нæ зæгъын — æз
сахуыр дæн, цы ис, уый фагыл нымайынил.
12 Цæрын зонын гæвзыккæй дæр æмæ фæр-
ныгæй дæр; сахуыр дæн кæддæриддæр æмæ
кæмдæриддæр æфсæстæй æмæ стонгæй,
парахатæй æмæ хъуагæй цæрыныл. 13 Мæ
бон алцыдæр у Чырыстийы хъаруйæ. 14 Æниу
мæм мæ тыхсты æххуысмæ кæй фæзындыс-
тут, уымæй хорз бакодтат.

15 Уæхæдæг æй зонут, филиппæгтæ, Фар-
ны Уац хъусын кæнынмæ куы бавнæлд-
тон æмæ Македонийæ куы рацыдтæн, уæд
мын мæ лæггады тыххæй иу аргъуан дæр
нæ баххуыс кодта — æрмæстдæр мæ сымах
барæвдыдтат. 16 Сымах мын Фессалоникæмæ
дæр мæ тыхсты заман иу æмæ дыууæ хатты
не 'рбарвыстат уе 'ххуысы хай. 17 Æз уын уый
хуынтæ уæ бацагурыны тыххæй нæ дзурын.
Мæн фæнды, цæмæй уæ хорз хъуыддæгтæй
уæхицæн фылдæр æфтиаг уа. 18 Æз райс-
тон, æмæ мæм ис, цас мæ хъæуы, уымæй
фылдæр. Цы мын рарвыстат, уый райстон
Эпафродитæй, æмæ мæм фаг ис. Уæ хуын
у хæрздæф нывондау, Хуыцауæн фæндиаг
æмæ æхсызгон. 19 Йе стыр хъæздыгадæй
Хуыцау баххæст кæндзæн уæ алы хъуаг дæр
Йесо Чырыстийы фæрцы. 20 Нæ Фыд Хуыца-
уæн кад уæд мыггагæй-мыггагмæ! Аммен.

21 Саламтæ раттут сыгъдæджытæн — Йе-
со Чырыстиимæ удæнгом чи у, уыдонæн се
'ппætæн. Саламтæ уын æрвитынц, мемæ чи
ис, уыцы æфсымæртæ. 22 Саламтæ уын æр-
витынц æппæт сыгъдæджытæ, уæлдайдæр
та кесæры хæдзаронтæ. 23 Нæ Бардарæг Йесо
Чырыстийы хорзæх уæ уæд.

# Апостол Павелы фыстæг колоссæгтæм

Ацы фыстæг Павел рарвыста ахæстонæй. Павел лæгæй-лæгмæ колоссаг чырыстæтты нæ зыдта, се ’хсæнад сын сарæзта æндæр уацамонæг. Йæ мидисмæ гæсгæ ацы фыстæг тынг хæстæг у эфесæгтæм æрвыст фыстæгмæ. Колоссы сахар уыди Фригийы (ныры Турчы ныгуылæн хайы), уым арæх уыдысты алыхуызон муртаттаг динтæ. Бынæттон чырыстон æхсæнадмæ дæр фæхæццæ сты, чырыстон динимæ цæхгæр чи нæ фидыдта, ахæм мæнгахуырæдтæ. Павел уый куы базыдта, уæд колоссаг чырыстæттæм арвыста фыстæг, цæмæй сын сæ зæрдæты Йесо Чырыстийыл æцæг æууæнк фæфидар кæна. Павел æвдисы, æцæг куырыхондзинад кæй у, адæмы Хуыцауимæ чи бафидауын кæны, уыцы Йесо Чырыстийы лæггад, мæлæт æмæ мæрдтæй райгасы тыххæй Фарны Уац. Уымæ гæсгæ чырыстæттæ хъуамæ æгæр тынг ма тыхсой дины фæтк æххæст кæнынил, уымæн æмæ сын æппæты ахсджиагдæр у Хуыцауыл æууæндын æмæ кæрæдзийы уарзын.

---

**1** Павелæй, Хуыцауы фæндæй Йесо Чырыс-
тийы апостолæй, æмæ не ’фсымæр Тимофе-
йæ — 2Чырыстиимæ иу чи у, Колоссы уыцы
сыгъдæг æмæ иузæрдион æфсымæртæм.
3Хорзæх æмæ уын фарн — Хуыцауæй, нæ
Фыдæй, æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.
Мах иудадзыг кувæм сымах тыххæй æмæ
арфæ кæнæм Хуыцауæн — нæ Бардарæг Йесо
Чырыстийы Фыдæн, 4уымæн æмæ фехъуыс-
там: сымах æууæндут Йесо Чырыстийыл
æмæ уарзут æппæт сыгъдæджыты. 5Уæ уыр-
нындзинад æмæ уарзты бындур — уæлæрвты
уæм цы зæрдæдарæн æнхъæлмæ кæсы, уый.
Сымах ын йæ кой фехъуыстат æцæгады ны-
хасы — Фарны Уацы. 6Уыцы Уац æрхæццæ
ис сымахмæ, æмæ, æппæт дунейы куыд
æнтыстджын у æмæ парахат кæны, афтæ
йын æнтысы сымахмæ дæр, Хуыцауы хор-
зæх æцæгæйдæр цавæр у, ахæмæй йæ куы
фехъуыстат æмæ куы базыдтат, уæдæй фæс-
тæмæ. 7Фарны уац сымах базыдтат нæ уарзон
æмкусæг Эпафрасæй — уый уæ сæраппонд
æнувыдæй кусы Чырыстийæн.
8Эпафрас нын радзырдта, Сыгъдæг Уд
уæм цы уарзондзинад райхъал кодта, уый
тыххæй.
9Уымæ гæсгæ, уый цы бон фехъуыстам,
уæдæй фæстæмæ уын мах дæр иудадзыг
кувæм æмæ лæгъстæ кæнæм Хуыцауæн,
цæмæй уын Уый Йæ фæндон базонын кæна,
уæлзонд æмæ уын монон æмбарынад ратта.
10Мах кувæм, цæмæй уæ цардæй кад кæнат
Бардарæгæн æмæ алцы дæр, Уымæн æхцон
куыд уа, афтæ кæныныл архайат, уæ алы
хорз хъуыддаг дæр пайда куыд хæсса æмæ
Хуыцауы фылдæрæй-фылдæр куыд зонат,
11цæмæй Йе стыр хъомысы фæрцы фидар
кæнат, бысхаг æмæ фæразон суат. 12Æмæ
цингæнгæйæ арфæ кæнут Фыдæн — Уый
уын Йæ сыгъдæджыты бынтæй хай райсын
саккаг кодта Йæ рухс Паддзахады. 13Уый
мах фервæзын кодта талынджы уацарæй
æмæ нæ бакодта Йæ уарзон Фырты Пад-
дзахадмæ — 14Фырт не ссæрибары аргъ ба-
фыста Йæ Тугæй, æмæ нын хатыргонд сты
нæ тæригъæдтæ.
15Уый райгуырд æппæт сфæлдисыны раз-
мæ, Уый у, цæстæй Кæй нæ уынæм, уыцы
Хуыцауы цæстуынгæ фæлгонц. 16Уымæн
æмæ, арвыл æмæ зæххыл цыдæриддæр
ис, цæстæй цы уынæм æмæ цы нæ уынæм,
æппæт уыдæттæ Уый фæрцы сфæлдыстæ-
уыд: паддзахы бадæнтæ æмæ æлдарадтæ,
хицæуттæ æмæ барджынтæ — æппæт дæр
Йæ фæрцы æмæ Уымæн сфæлдыстæуыд.
17Æппæт сфæлдысты размæ дæр Уый ис, æмæ
æппæтыл дæр Уый хæцы. 18Уый у Йæ буары,
Аргъуаны, Сæргълæууæг. Уый у Сæрæвæрæн,
мæрдтæй фыццаг Уый райгас, цæмæй æппæт
дæр уа Йæ дæлбар. 19Уымæн æмæ Хуыцауы
бафæндыд, цæмæй Йе ’ппæт миниуджытæ
уой Чырыстимæ 20æмæ Чырыстийы фæрцы
æппæт дæр бафидауын кæна Йемæ. Чы-
рысти дзуарыл цы Туг ныккалдта, уымæй

Хуыцау бафидауын кодта уæларвонты æмæ
зæххонты.
21Кæддæр сымах дæр Хуыцауæн уыдыстут
æцæгæлæттæ æмæ Йе знæгтæ, æмæ уый æв-
дыстат уе 'взæр хъуыддæгтæй. 22Ныр та уæ
бафидауын кодта Йемæ, Чырысти адæйма-
джы буары кæй амард, уый фæрцы, цæмæй
Хуыцауы раз уат сыгъдæг, æнаипп æмæ
æнæфау. 23Æрмæст уæ уырныndзинад иу-
дадзыг хъуамæ лæууа фидар бындурыл, уа
æнæфæцудгæ æмæ хъуамæ ма адард уат, цы
Фарны Уац фехъуыстат, уый уын цы ныфс
дætты, уымæй. Уыцы Фарны Уац фехъусын
чындæуыд дунейы æппæт адæмæн, æмæ æз,
Павел, сдæн йæ кусæг.
24Ныртæккæ амондджын дæн, уæ сæрап-
понд кæй æвзарын, уыцы хъизæмæрттæй.
Мæ буары мидæг æз архайын, Чырыстийы
сæрвæлтау мæ цы хъизæмæртты кæхц ба-
нуазын хъæуы, уый баххæст кæныныл — Йæ
Буары, Аргъуаны, сæраппонд. 25Æз сдæн Йæ
уыцы Аргъуаны кусæг, цæмæй саразон, уæ
пайдайæн мын Хуыцау цы бафæдзæхста,
уый — сымахæн Хуыцауы ныхас фехъусын
кæнон æххæстæй. 26Æз хъуамæ адæммæ фæ-
хæссон, рагзаманæй æппæт фæлтæртæ кæй
нæ зыдтой, ныр та Хуыцау сыгъдæджытæн
кæй раргом кодта, Йæ уыцы сусæгдзинад.
27Хуыцауы бафæндыди уыцы сусæгдзина-
дæн йæ кады хъæздыгад æмæ йе стырад
адæмтæн раргом кæнын. Уыцы сусæгдзинад
ис, Чырысти уæ зæрдæты кæй цæры, уый
мидæг. Сымах Уый фæрцы уæ зæрдæ дарут,
уæ фидæн намысджын кæй уыдзæнис, ууыл.
28Мах хъусын кæнæм Чырыстийы тыххæй;
æппæт зонынадæй дæр пайда кæнгæйæ,
алы адæймагæн дæр зонд амонæм æмæ йæ
ахуыр кæнæм, цæмæй алы адæймаг дæр,
Чырыстиимæ кæй ис, уый фæрцы Хуыца-
уы раз æнаиппæй æрлæууа. 29Чырыстийы
хъомысджын тыхæй æз уый сæраппонд
кусыныл мæхи хъарын.

**2** Фæнды мæ, цæмæй зонат, уæ сæраппонд,
стæй лаодикиæгты æмæ, лæгæй-лæгмæ мæ
чи нæ зоны, уыдоны сæраппонд дæр куыд
бирæ кусын, уый. 2Æз тырнын, цæмæй уат
ныфсджын, уарзондзинад уæ бæтта кæрæ-
дзиуыл, хъæздыг уат, æцæгадыл æнæгуы-
рысхойæ кæй æууæндут æмæ йæ æххæстæй
кæй æмбарут, уымæй. Æмæ уæд зондзыстут
Хуыцауы сусæгдзинад — Чырыстийы. 3Уæл-
зонды æмæ зонынады æппæт арфæвæрд
хæзнатæ Чырыстимæ сты. 4Æз уын уыдætты
тыххæй уымæн зæгъын, цæмæй уæ мачи
асайа къæбæлдзыг ныхæстæй. 5Уымæн æмæ
мæхæдæг уемæ нæ дæн, фæлæ мæ зæрдæ
уемæ ис æмæ цин кæнын, уæ цард нывыл
кæй у æмæ Чырыстийыл фидарæй кæй æу-
уæндут, ууыл.
6Уæдæ Бардарæг Йесо Чырыстийыл зæрди-
агæй куыд бауууæндыдыстут, афтæ ут Йемæ
æмæ Йын уæ цард уæд фæндон. 7Куыд уын
бацамындæуыд, афтæ Йæ скæнут уæ цар-
ды бындур, рæзæд уæ уырныndзинад, æмæ
кæддæриддæр ут бузныг.
8Уæхи хъахъхъæнут, цæмæй уæ мачи аса-
йа æнæпайда æмæ гæдыбыд ахуырæдтæй.
Уыдонæн сæ бындур Чырысти нæу, фæлæ
дунейы æгъдæуттæ æмæ адæмы таурæгътæ.
9Чырыстийы мидæг баиу сты Хуыцауы
æппæт миниуджытæ. 10Чырыстиимæ иудзи-
нады фæрцы сымах æххæст стут æппæтæй
дæр. Уый лæууы æппæт хицæуттæ æмæ
барджынты сæргъы. 11Чырыстиимæ иудзи-
нады фæрцы сымах æрцыдыстут сунæтгонд.
Уыцы сунæт уын скодта адæймаг нæ, фæлæ
Чырысти, æмæ афтæмæй фервæзтыстут
тæригъæдджын æрдзыхъæдæй. 12Аргъуыд
исгæйæ, Чырыстиимæ æрцыдыстут ныгæд
æмæ, Йесойы мæрдтæй райгасгæнæг Хуыца-
уы тыхыл æууæндгæйæ, райгас стут Йемæ.
13Сымах уæ тæригъæдты æмæ уæ æнæсунæт
æрдзыхъæды аххосæй уыдыстут мард, фæлæ
уæ Хуыцау райгас кодта Чырыстиимæ. Ху-
ыцау нын ныббарста не 'ппæт тæригъæдтæ
дæр, 14аивта, Æгъдаумæ гæсгæ нæ ныхмæ
чи уыди, нæ хæсты уыцы номхыгъд, скод-
та йын кæрон — байтыгъта йæ дзуарыл.
15Хицæуттæн æмæ барджынтæн байста сæ
хотыхтæ, фæуæлахиз сыл дзуарылтыгъдæй,
æмæ афтæмæй сæгад сты æппæт дунейы раз.
16Уæдæ уын мачи тæрхон кæнæд, цы хæрут
æмæ цы нуазут, стæй исты бæрæгбон, мæй-
ноджы бæрæгбон кæнæ сабат кæй нæ бæрæг
кæнут, уый тыххæй. 17Уыдæттæ, фидæны цы
хъуамæ æрцæуа, уымæн йæ фæлгонц йед-
дæмæ ницы сты, æцæгдзинад та Чырысти у.
18Се 'нæхъуаджы сæрныллæгæй æмæ зæдтæн
кувынæй зæрдæрухс чи у, уыдонæй уæ мачи
асайæнт. Уыдонæн сæ дины бындур мæнг
цæстылуайæнтæ сты. Ахæмтæ дзæгъæлы
сæрыстыр сты сæ зæххон зондæй. 19Уыдон
Чырыстийыл, буары Сæргълæууæгыл, фи-
дар нæ хæцынц. Буарæн æппæт дæр дætты
Чырысти — буар кæрæдзиуыл æнгом хæцы
нуæрттæ æмæ уæнгбæттæнты фæрцы æмæ
рæзы Хуыцауæн фæндиагæй.
20Кæд сымах Чырыстиимæ амардыстут
æмæ а дунейы æгъдæуттæй ссæрибар стут,

уæд ма, цыма дунейы цæрут, уыйау цæмæн
кæсут уыдоны коммæ: 21«Дæ къухмæ йæ ма
райс!», «Ма дзы бахæр!», «Ма йыл бандзæв!»?
22Уыдон иууылдæр сты адæмы æрхъуыды-
гонд фæдзæхстытæ æмæ ахуырæдтæ. Уыцы
уагæвæрдтæ дзурынц се спайда кæныны
фæстæ аппарынæй уæлдай чи ницæмæнуал
фæбæззы, уыцы дзауматыл. 23Ахæм уагæ-
вæрдтæ æрмæстдæр æддаг бакастæй зынынц
зондджын, сæхи æрхъуыдыгонд лæггадимæ,
сæрныллæгдзинадимæ, буар æнæхъуаджы
хъизæмаримæ, æцæгæй та тæригъæдджын
æрдзыхъæдыл сæ бон нæ цæуы.

**3** Уæдæ афтæ: кæд сымах Чырыстиимæ рай-
гас стут, уæд тырнут уæлæрвтæм, Чырысти
Хуыцауы рахизфарс кæм бады, уырдæм. 2Уæ
хъуыдытæ уæнт зæххон нæ, фæлæ уæларвон
цардыл, 3уымæн æмæ сымах ацы дунейæн
амардыстут, æмæ ныр уæ цард ис Хуыцауы
къухы, Чырыстиимæ. 4Уæ цард — Чырысти —
куы раргом уа, уæд Йемæ раргом уыдзæн
уæ кад дæр.

5Уæдæ амарут уæ мидæг, уæ зæххон æр-
дзыхъæдæй уæм цы ис, уыдон: хæтын, чъизи
митæ, æлгъаг монцтæ, кæрæфдзинад, уы-
мæн æмæ уый мæнгхуыцаумæ кувынæй
уæлдай нæу. 6Уыдæтты тыххæй Хуыцау Йæ
фыдæх ныккалдзæн Йæ ныхмæлæуджытыл.
7Се 'хсæн ма куы цардыстут, уæд сымах дæр
ахæм æвзæр митæ кодтат.

8Ныр ныууадзут æппæт уыдæттæ: мæсты,
фыдæх, фыдгой, æнæуаг ныхæстæ. 9Кæ-
рæдзийæн мæнг ныхæстæ ма дзурут, уы-
мæн æмæ сымах фервæзтыстут уæ зæронд
æрдзыхъæдæй йæ хъуыддæгтимæ 10æмæ
систут ног адæймæгтæ. Хуыцау уæ кæны
ногæй-ногдæр, цæмæй Йæ базонат æмæ суат
уе Сфæлдисæджы хуызæн. 11Ныр муртаттаг
уай, иудейаг уай, сунæтгонд уай, æнæсу-
нæтгонд уай, талынг адæмтæй уай, скиф
уай, цагъар уай, сæрибар уай — уæлдай нал
у. Æппæт дæр у Чырысти, алкæй зæрдæйы
дæр Уый цæры.

12Сымах Хуыцау сæвзæрста, стут Йæ сыгъ-
дæг æмæ уарзон адæм. Уæдæ ут тæригъæд-
гæнаг, зæрдæхæлар, сæрныллæг, æвæлмас
æмæ фæразон. 13Быхсут кæрæдзийæн. Иу
уæ иннæмæ куы фæхæрам уа, уæд-иу ын
ныббарæд. Чырысти уын куыд ныббарста,
афтæ ут барон. 14Уыдæттæм бафтауут уарзон-
дзинад — уый алцыдæр бæтты кæрæдзиуыл
æмæ алцæмæй дæр скæны æххæст.

15Чырыстийы фарн разамынд дæттæд
уæ зæрдæтæн, уымæн æмæ уыцы фарны
сæраппонд æрхуындæуыд сымах, æмæ сис-
тут иу буар. Æмæ уый тыххæй ут бузныг.

16Чырыстийы ныхас парахатæй цæрæд уæ
зæрдæты. Æмæ уын цы бирæ зонд дæтты,
уый фæрцы зонд амонут æмæ ахуыр кæнут
уæ кæрæдзийы. Хорзæхæй хайджынæй Хуы-
цауæн зæрдиагæй зарут псаломтæ, гимнтæ
æмæ удварны зарджытæ. 17Ныхасæй кæнæ
хъуыддагæй цыдæриддæр аразут, уый уын
уæд Бардарæг Йесойы номыл æмæ Йæ фæр-
цы арфæ кæнут Фыд Хуыцауæн.

18Устытæ, чырыстонæн куыд æмбæлы,
афтæ уæ лæгтæн ут коммæгæс. 19Лæгтæ,
уарзут уæ устыты æмæ сæм тызмæг ма ут.

20Сывæллæттæ, алы хъуыддаджы дæр ут
уæ ныййарджытæн коммæгæс, уымæн æмæ
уый Бардарæгæн фæндон у. 21Ныййарджытæ,
уæ цоты зæрдæтæ ма риссын кæнут, цæмæй
зæрдæсаст ма фæуой.

22Цагъартæ, алы хъуыддаджы дæр ут
уæ зæххон хицæуттæн коммæгæс. Зæрдæ
балхæнынæн сын цæстмæкуыст ма кæнут,
фæлæ сын кусут зæрдиагæй, Бардарæгæй
тæрсгæйæ. 23Цыдæриддæр кæнут, уый кæ-
нут æнувыдæй, адæмæн кусæгау нæ, фæ-
лæ Бардарæгæн цыма лæггад кæнут, афтæ.
24Уæ зæрдыл дарут: уæ фæллойы тыххæй уæ
Бардарæг скæндзæни Йæ бындартæ — уый
уыдзæни уæ хæрзиуæг. Уымæн æмæ сы-
мах лæггад кæнут Бардарæг Чырыстийæн.
25Хæрам хъуыддæгтæ чи аразы, уымæн сæ
бафыстæуыдзæн хæрамæй — Хуыцау никæй
хъулон кæны.

**4** Хицæуттæ, уæ цагъартимæ ут рæстзæрдæ,
кæсут сæм хорз цæстæй. Сымахæн дæр уæ-
ларвы Бардарæг кæй ис, уый уæ рох ма уæд.

2Кувут æнувыдæй, зæрдиагæй æмæ Хуы-
цауæй бузныгæй. 3Кувут мах тыххæй дæр,
цæмæй нын Хуыцау ратта фадат, æз ахæсто-
ны кæй сæраппонд дæн, Чырыстийы уыцы
сусæгдзинадыл дзурынæн. 4Кувут, цæмæй
уыцы сусæгдзинад æз раргом кæнон, куыд
мын æмбæлы, афтæ. 5Æнæуырнджытимæ
уæхи дарут зондджынæй, алы фадатæй дæр
пайда кæнгæйæ. 6Уæ ныхас кæддæриддæр
уæд зæрдæмæдзæугæ æмæ нывыл: зонут,
кæмæн цы дзуапп дæттын хъæуы, уый.

7Мæн тыххæй уын æппæт дæр радзурдзæн
нæ уарзон æфсымæр Тихик, Бардарæгæн
мемæ чи кусы, мæ уыцы иузæрдион æххуыс-
гæнæг. 8Æз уæм æй уымæн æрвитын, цæмæй
уын радзура нæ уавæрты тыххæй æмæ уын
барæвдауа уæ зæрдæтæ. 9Æрвитын уæм æй,
сымахæрдыгон чи у, нæ уыцы иузæрдион

æмæ уарзон æфсымæр Онисимимæ. Уыдон
уын радзурдзысты амы æппæт хабæрттæ.

10 Салам уын дæттынц, мемæ ахст чи у,
уыцы Аристарх, Марк — Варнавæйы хæс-
тæг (куы уæм æрцæуа, уæд ыл баузæлут,
зæгъгæ, уын кæй тыххæй бафæдзæхстæуыд,
уый) 11 æмæ Иуст кæй хонынц, уыцы Йесо.
Сунæтгæндтæй æрмæст уыдон кусынц ме-
мæ Хуыцауы Паддзахадæн; стыр ныфс мын
сты. 12 Салам уын æрвиты уæхи Эпафрас,
Йесо Чырыстийы цагъар. Уый иудадзыг
сымах тыххæй кувы æнувыдæй, цæмæй уат
æнæфæцудгæ, æнæгуырысхойæ æууæндат
Хуыцауыл æмæ алцæмæй дæр Йæ коммæ
кæсат. 13 Æз æвдисæн дæн уæ сæраппонд,
стæй, Лаодикийы æмæ Иераполы чи ис,
уыдоны сæраппонд, Эпафрас куыд бирæ
кусы, уымæн. 14 Салам уын æрвитынц нæ
уарзон дохтыр Лука æмæ Димас.

15 Салам раттут лаодикиаг æфсымæр-
тæн, стæй Нимфæйæн æмæ, йæ хæдзары
цы аргъуан æмбырд кæны, уымæн. 16 Ацы
фыстæг уæ аргъуаны куы бакæсат, уæд ба-
кæнут афтæ, цæмæй йæ бакæсой Лаодики-
йы аргъуаны дæр; Лаодикийæ цы фыстæг
райсат, уый та сымах бакæсут. 17 Зæгъут
Архиппæн: «Бардарæг дын дæ бæрны цы
куыст бакодта, ууыл у æнувыд — кæронмæ
йæ ахæццæ кæн».

18 Æз, Павел, мæ салам ныффыстон мæхи
къухæй. Æз рæхыстæй баст кæй дæн, уый
уæ рох ма уæд. Хуыцауы хорзæх уæ уæд.

# Апостол Павелы фыццаг
# фыстæг Фессалоникæгтæм

Фессалоникæйы сахар сæйраг уыдис, Павел Фарны Уац кæм амыдта, уыцы провинци Македонийы. Ацы сахар (Салоники) ныр дæр ис Бердзены цæгатаг хайы. Павелы йæ ныхмæлæуджытæ уырдыгæй куы ацæуын кодтой, уæд дæр уый Коринфæй йе 'ххуысгæнæг Тимофейы арвыста, фессалоникæгты чырыстон иугонды хабæрттæ куыд сты, уый базонынмæ. Тимофей æрбаздæхти хорз хабæрттимæ: кæд чырыстæтты æфхæрдтой, уæддæр уыдон сæ зæрдæ нæ сивтой Чырыстийыл.

Фæлæ уæддæр Павел ахсджиаг хъуыддагыл банымадта уыдонæн сæ уырнындзинад фæфидардæр кæнын, цæмæй тæригъæдджын царды уагыл сæ къух сисой æмæ йын йæхиуыл дæр гуырысхо мауал кæной. Йæ уарзон хæстæджыты мæлæтыл чи хъыг кодта, уыдоны зæрдæтæ фæфидар кæнынæн Павел бæстон дзуры Чырыстийы дыккаг æрцыд æмæ мæрдты райгасы тыххæй.

---

**1** Павелæй, Силуанæй æмæ Тимофейæ —
Фыд Хуыцауы æмæ Бардарæг Йесо Чырысти-
йы аргъуанмæ Фессалоникæйы. Хорзæх æмæ
уын фарн нæ Фыд Хуыцауæй æмæ Бардарæг
Йесо Чырыстийæ. 2Мах уе 'ппæты тыххæй
дæр кæддæриддæр арфæ кæнæм Хуыцауæн
æмæ, куы фæкувæм, уæд нæ рох никуы вæй-
йут 3нæ Фыд Хуыцауы раз, мах иудадзыг нæ
зæрдыл дарæм, уæ уырнындзинад уæ цы
хъуыддæгтæм разæнгард кæны æмæ уарзти-
мæ нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы ныфсæй
цы фæллой кæнут æмæ куыд æнæфæцудгæ
стут, уый. 4Хуыцау сымах кæй сæвзæрста
æмæ уæ кæй уарзы, уый махæн зындгонд у,
не 'фсымæртæ. 5Уымæн æмæ уын нæ Фарны
Уац мах хъусын кодтам æрмæст ныхасæй
нæ, фæлæ Сыгъдæг Уды хъаруйæ æмæ бирæ
зæрдæмæхъаргæ æвдисæйнæгтимæ. Уæхæ-
дæг зонут, сымахмæ куы уыдыстæм, уæд
уæ сæраппонд нæхи куыд дардтам, уый.
6Æмæ сымах бафæзмыдтат мах æмæ Бар-
дарæг Йесойы. Уæ бирæ зындзинæдтæ ни-
цæмæ даргæйæ, Фарны Уац уæ зæрдæтæм
айстат, Сыгъдæг Уд цы циндзинад ратты,
уыимæ. 7Æмæ афтæмæй фæзминаг систут
Македонийы æмæ Ахайы æппæт уырнджы-
тæн. 8Бардарæджы Фарны Уац сымахæй
анхъæвзта канд Македонийыл æмæ Ахайыл
нæ, фæлæ, Хуыцауыл куыд тынг æууæндут,
уыцы хабар бахæццæ алы ранмæ дæр, æмæ
ныр мах уый тыххæй дзурын ницæмæнуал
хъæуы. 9Сæхæдæг дзурынц, куыд ныл сæм-
бæлдыстут, мæнгхуыцæуттæй Хуыцаумæ
куыд раздæхтыстут, ууыл — сымах систут
цардæгас æмæ æцæг Хуыцауæн цагъартæ,
10æмæ æнхъæлмæ кæсут уæлæрвтæй Йæ
Фырт Йесойы æрцыдмæ. Уый Хуыцау райгас
кодта мæрдтæй, æмæ мах ирвæзын кæны
æрцæуинаг фыдæхæй.

**2** Сымах æй уæхæдæг зонут, æфсымæртæ,
дзæгъæлы уæм кæй не 'рцыдыстæм, уый.
2Куыд зонут, афтæмæй нæ амæй размæ Фи-
липпты бафхæрдтой æмæ дзы хъизæмæрттæ
бавзæрстам, фæлæ нæ Хуыцауы фæрцы нæ
ныфс бахастам сымахæн Йæ Фарны Уац хъу-
сын кæнынмæ, кæд нæ ныхмæ тынг карзæй
лæууыдысты, уæддæр. 3Мах адæмы цæуыл
ахуыр кæнæм, уымæн йæ бындур уый нæу,
æмæ йе дзæгъæл фестæм, йе нæ бæллицтæ
чъизи сты, йе искæй асайынмæ архайæм.
4Хуыцау мах бафæлвæрдта æмæ нын бабар
кодта Фарны Уац, æмæ нæ ныхас дæр ахæм
у — архайæм адæмы зæрдæ балхæныныл нæ,
фæлæ нæ зæрдæтæ зонæг Хуыцауы зæрдæ
балхæныныл. 5Сымах куыд зонут, афтæмæй
цæстмæхъус ныхас махæй никуы рацыд, хи
пайдамæ никуы бæллыдыстæм, Хуыцау уы-
мæн æвдисæн. 6Адæмæй — сымах уат æви
æндæр исчи — нæхицæн кад нæ агуырдтам.
7Мах Чырыстийы апостолтæ стæм, æмæ
нæ бон уыди нæхи бæрзонд сæвæрын, фæлæ
уемæ уыдыстæм фæлмæн, узæлыдыстæм
уыл, дзидзидарæг мад йæ хъæбултыл куыд
узæла, уыйау. 8Мах уыл афтæ æнувыд стæм,
афтæ уæ бауарзтам, æмæ нæ бафæндыди

сымахæн æрмæст Хуыцауы Фарны Уац фе-
хъусын кæнын нæ, фæлæ уын нæ уд дæр рат-
тын. 9Сымах, æфсымæртæ, уæ зæрдыл хорз
дарут нæ уæззау куыст. Цæмæй уæ тыхсты
хос макæмæн уæм, уый тыххæй мах куыстам
æхсæвæй-бонæй æмæ уын афтæмæй хъусын
кодтам Хуыцауы Фарны Уац. 10Æвдисæнтæ
уæхæдæг æмæ Хуыцау: сымахмæ, уырнджы-
тæм, цардыстæм сыгъдæгæй, рæстзæрдæйæ
æмæ æнæфауæй. 11Сымах зонут: мах уæ ал-
кæй дæр хъомыл кодтам, фыд йæ хъæбулты
куыд хъомыл кæны, афтæ — 12лæвæрдтам
уын ныфс, рæвдыдтам æмæ уæ ахуыр код-
там, цæмæй уæ цард уа, Йæ Паддзахадмæ
æмæ уæ Йæ намысмæ Чи хоны, уыцы Хуы-
цауæн фæндон.

13Æмæ уый тыххæй мах иудадзыг арфæ
кæнæм Хуыцауæн, уымæн æмæ, махæй цы
Хуыцауы ныхас фехъуыстат, уый банымад-
тат адæймагæй рацæугæ ныхасыл нæ, фæлæ,
æцæгдæр куыд у, афтæ — Хуыцауы ныхасыл,
æмæ сымах, уырнджытæ, уæ цард аразут
уыцы ныхасмæ гæсгæ. 14Æфсымæртæ, сы-
мах дæр систут, Йесо Чырыстийыл Иудейы
чи æууæнды, Хуыцауы уыцы аргъуантау —
æфхæрд уæхи адæмæй баййæфтат, уыдон
дæр иудейæгтæй æфхæрд куыд баййæфтой,
афтæ. 15Бардарæг Йесойы дæр æмæ пеху-
ымпарты дæр иудейæгтæ амардтой, мах
та фæсырдтой; Хуыцау дæр сæ ныхмæ у,
æмæ æппæт адæмæн дæр знæгтæ сты. 16Мах
муртаттæгтæн хъусын кæнæм Фарны Уац сæ
фервæзыны сæраппонд, æмæ нын иудейæг-
тæ æвæрынц цæлхдуртæ. Афтæмæй æдзух
æфтауынц тæригъæд тæригъæдыл — афтæ
сын сбирæ сты, æмæ сæ æппынфæстаг бай-
йæфта Хуыцауы азар.

17Мах, æфсымæртæ, цыбыр æмгъуыдмæ
фæхицæн стæм сымахæй, æмæ нæ кæд цæс-
тæй нæ уынут, уæддæр зæрдæйæ уемæ стæм.
Зæрдиагæй архайдтам уæ фенынил. 18Æз,
Павел, иу æмæ дыууæ хатты нæ хъавыдтæн
сымахмæ æрцæуынмæ, фæлæ нын сайтан
æвæрдта цæлхдуртæ. 19Сымах стут нæ ныфс,
нæ цин, стæй, нæ Бардарæг Йесо куы 'рцæуа,
уæд Ын нæхицæй цæмæй æппæлдзыстæм,
нæ уыцы хæрзиуæг. 20Уымæн æмæ сымах
стут нæ кад æмæ нæ цин.

**3** Æнхъæлмæ кæсын нæ бон кæй нал уыди,
уымæ гæсгæ бауынаффæ кодтам, цæмæй
нæхæдæг баззайæм Афинты, 2Чырыстийы
тыххæй Фарны Уац хъусын кæныны хъу-
ыддаджы Хуыцауæн немæ чи кусы, нæ уы-
цы æфсымæр Тимофейы та арвыстам уæ
барæвдауынмæ æмæ уæ уырнындзинад
сфидар кæнынмæ, 3цæмæй уыцы зынты
сымахæй мачи фæцуда. Зынтæ бавзарын
нын нысангонд кæй у, уый уæхæдæг хорз
зонут — 4куы уæм уыдыстæм, уæд дæр уын
рагацау дзырдтам, кæй нæ æфхæрдзысты,
уый тыххæй; æмæ афтæ кæй рауад, уый ныр
уæхæдæг уынут. 5Уымæ гæсгæ мæнæн дæр
æнхъæлмæ кæсын мæ бон нал уыд, æмæ
арвыстон уæ уырнындзинады тыххæй ба-
зонынмæ, цæмæй уæ хæйрæг ма сардауа
тæригъæд ракæнынил, æмæ нæ куыст дзæ-
гъæлы ма фæуа.

6Ныр Тимофей æрцыд сымахæй æмæ нæм
æрхаста хорз хабар уæ уырнындзинад æмæ
уæ уарзты тыххæй; загъта нын, æдзух уæ
зæрдыл кæй лæууæм æмæ, мах сымах фенд-
мæ куыд бæллæм, сымах дæр мах фендмæ
афтæ кæй бæллут. 7Æмæ, кæд зындзинæдты
æфтæм æмæ нæ æфхæрынц, уæддæр, æф-
сымæртæ, уæ уырнындзинад мах бауагъ-
та ныфс. 8Кæд сымах фидарæй æууæндут
Бардарæгыл, уæд мах удæгас стæм. 9Сымах
тыххæй, стæй нын нæ Хуыцауы раз цы стыр
цин æрхастат, уый тыххæй Хуыцауæн ак-
каг арфæ кæм ссарæм? 10Æхсæвæй-бонæй
кувæм æвæллайгæйæ, цæмæй уæ фенæм
лæгæй-лæгмæ æмæ баххæст кæнæм, уæ уыр-
нындзинад цы хъуаг у, уый.

11Уæдæ нын нæ Фыд Хуыцау Йæхæдæг
æмæ нæ Бардарæг Йесо нæ фæндаг саразæнт
сымахмæ. 12Бардарæг уын раттæд, мах уæ
цы уарзтæй уарзæм, ахæм уарзондзинад, уæ
кæрæдзийы æмæ иннæты дæр зæрдиагæй
куыд уарзат, афтæ, 13цæмæй уын Бардарæг
сфидар æмæ ссыгъдæг кæна уæ зæрдæтæ
æмæ нæ Фыд Хуыцауы раз уат æнаипп, нæ
Бардарæг Йесо Йе 'ппæт сыгъдæджытимæ
куы 'рцæуа, уæд. Аммен.

**4** Ныр та уæм, æфсымæртæ, хатæм æмæ уын
лæгъстæ кæнæм Йесо Чырыстийы номæй:
цæрын куыд æмбæлы, цæмæй уæ цард Ху-
ыцауы фæндиаг уа, уыл махмæ гæсгæ ныр
кæд сахуыр стут, уæддæр ноджы архайут.

2Сымах хорз зонут, Бардарæг Йесойы но-
мæй уын цы бафæдзæхстам, уыдæттæ. 3Ху-
ыцауæн фæндон у уæ сыгъдæг цард: уæхи
бахизут хæлддзинадæй. 4Алчидæр уæ сахуыр
уæд йæ буар Хуыцауы фæндиаг æнæкъæмæй
дарынил 5æмæ, Хуыцауы чи нæ зоны, уыцы
муртаттæгтау чъизи монцты коммæ ма кæсут.
6Хуыцауы фæнды, цæмæй сымахæй уыцы
хъуыддаджы йе 'фсымæры тæригъæды мачи
бацæуа æмæ йæ ма асайа йæхи пайдайæн.

Уымæн æмæ уын мах раздæр куыд дзырдтам
æмæ уæ рагацау куыд фæдзæхстам, афтæ
æппæт уыдæтты тыххæй адæймаг æфхæрд
баййафдзæн. 7Уымæн æмæ Хуыцау махмæ
чъизи цардæй цæрынмæ нæ, фæлæ сыгъдæг
цардæй цæрынмæ фæсидти. 8Уæдæ, уыцы
сидт чи ницæмæ дары, уый адæймагыл нæ,
фæлæ уæ Йæ Сыгъдæг Удæй Чи схайджын
кодта, уыцы Хуыцауыл йæхи атигъ кæны.
9Æфсымæрты уарзыны тыххæй уæм фыс-
сын уæвгæ дæр нæ хъæуы, уымæн æмæ кæ-
рæдзийы уарзын сымах сахуыр кодта Хуы-
цау. 10Æмæ ныр сымах ахæм цæстæй кæсут
æгас Македонийы æппæт æфсымæртæм.
Курæм уæ, æфсымæртæ: ноджы æнувыд-
дæр ут кæрæдзиуыл. 11Зæрдиагæй тырнут
æнæзæрдæхудт цардæй цæрынмæ; алчидæр
аразæд йæ хъуыддаг æмæ архайæд йæхи
хъаруйæ, мах уын куыд фæдзæхстам, афтæ.
12Уæд æнæуырнджыты раз уæ цард уыдзæн
нывыл, æмæ хъуаг ницæмæй æййафдзыстут.
13Мæн фæнды, æфсымæртæ, цæмæй сымах
зонат, чи амарди, уыдоны тыххæй æмæ, зæр-
дæдарæн кæмæн нæй, уыдонау хъынцъымы
ма æфтат. 14Мах æууæндæм, Йесо кæй амард
æмæ райгас, ууыл. Æмæ, кæд афтæ у, уæд Йе-
сойыл æууæндгæйæ чи амарди, уыдоны дæр
Хуыцау Чырыстиимæ æркæндзæн Йæхимæ.
15Мах уын ныртæккæ цы зæгъæм, уый Бар-
дарæджы ныхас у: Бардарæджы æрцыдмæ
махæй удæгасæй чи баззайа, уыдон мæрдты
разæй нæ фæуыдзысты. 16Уымæн æмæ уæ-
ларвон бардзырд æмæ архангелы хъæлæс
куыддæр райхъуысой, Хуыцауы сыкъауа-
дындз куыддæр ныуыаса, афтæ Бардарæг
Йæхæдæг æрцæудзæн уæларвæй, æмæ рай-
гас уыдзысты, Чырыстийыл æууæндгæйæ чи
амард, уыдон. 17Уый фæстæ мах, удæгасæй
чи баззайа, уыдон, семæ ист æрцæудзыстæм
æврæгътыл, уæлдæфы фембæлдзыстæм
Бардарæгимæ æмæ уæдæй фæстæмæ æдзух-
дæр уыдзыстæм Йемæ. 18Уыцы ныхæстæй
рæвдаут уæ кæрæдзи.

**5** Сымахмæ, æфсымæртæ, афонтæ æмæ æм-
гъуыдты тыххæй фыссын ницæмæн хъæуы.
2Хуыснæг æхсæвы æнæнхъæлæджы куыд
фæзыны, Бардарæджы ’рцыды бон дæр афтæ
кæй уыдзæн, уый уæхæдæг дæр бæлвырдæй
зонут. 3Уымæн æмæ адæм афтæ куы дзурой:
«Алырдыгæй — сабырад æмæ æдасдзинад»,
уæд, æнхъæлцау сылгоймагæн арынафон
йæ тухæнтæ куыд ралæууынц, афтæ æваст
сæ адзал æрцæудзæн æмæ сын фервæзыны
амал нæ уыдзæн.
4Сымах та, æфсымæртæ, талынджы нæ
цæрут, цæмæй уæ уыцы бон хуыснæгау
æдзæттæйæ æрæййафа. 5Уымæн æмæ уе
’ппæт дæр рухсы, стæй боны хъæбултæ стут.
Махæн æхсæв æмæ талынгимæ иумæйагæй
ницы ис. 6Уæдæ иннæтау фынæй ма кæнæм,
фæлæ уæм цæттæ æмæ къæрцхъус. 7Уымæн
æмæ фынæйгæнджытæ æхсæв фæфынæй
кæнынц, æмæ расыггæнджытæ æхсæвы
барасыг вæййынц. 8Мах та боны хъæбултæ
стæм æмæ уæм къæрцхъус. Уырнындзинад
æмæ уарзт не згъæрхæдон уæнт, ныфс нæ
кæй ис фервæзынæй, уый та — не згъæр-
худ. 9Уымæн æмæ Хуыцау мах сæвзæрста
Йæ фыдæх ныл бафтауынмæ нæ, фæлæ нæ
Бардарæг Йесо Чырыстийы фæрцы фервæ-
зынмæ. 10Йесо амарди мах тыххæй, цæмæй
мах, удæгас уæм æви мард, цæрæм Йемæ.
11Уымæ гæсгæ рæвдаут кæрæдзийы, иу ин-
нæмæн уæд фидаргæнæг — æнæуи дæр куыд
кæнут, афтæ.
12Курæм уæ, æфсымæртæ: нымайут, зæр-
диагæй уæм чи лæггад кæны æмæ уын зонд
чи амоны, Хуыцауы раз чи лæууы, уыцы
хистæрты. 13Уарзут сæ æмæ сын уæлдай аргъ
кæнут сæ куысты тыххæй. Кæрæдзиимæ
цæрут фидыдæй.
14Ноджы ма уын лæгъстæ кæнæм, æфсы-
мæртæ: магусатæн амонут зонд, ныфс уадзут
æнæныфсыты, æххуыс кæнут лæмæгътæн,
быхсут алкæмæн дæр. 15Кæсут уæхимæ, цæ-
мæй фыдæх мачи фида фыдæххæй, фæлæ
иудадзыг тырнут кæрæдзийæн æмæ ал-
кæмæн дæр хорз саразынмæ. 16Цин кæнут
кæддæриддæр. 17Кувут иудадзыг. 18Алцæй
тыххæй дæр бузныг ут Хуыцауæй. Сымахмæ,
Йесо Чырыстийыл æууæндджытæм, Хуыцау
уыдæттæм æнхъæлмæ кæсы. 19Сыгъдæг Уды
рухс ма мынæг кæнут. 20Пехуымпарадмæ уа-
зал цæстæй ма кæсут. 21Раиртасут алцыдæр
æмæ хæцут, хуыздæр цы у, ууыл. 22Уæхи
хизут алы æвзæр хъуыддагæй дæр.
23Уæдæ уæ фарндæттæг Хуыцау Йæхæдæг
ссыгъдæг кæнæд æххæстæй — уæ мон, уæ
уд æмæ уæ буар — æппæт дæр нæ Бардарæг
Йесо Чырыстийы æрцыды бон æнаипп куыд
разына, афтæ. 24Уæ Хонæг иузæрдион у, æмæ
Уый сараздзæн æппæт уыдæттæ.
25Æфсымæртæ, кувут мах тыххæй.
26Æппæт æфсымæртæн дæр салам дæттут
æфсымæрон байæ. 27Бардарæджы номæй
уын фæдзæхсын ацы фыстæг æппæт æф-
сымæртæн дæр бакæсын.
28Нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы хорзæх
уæ уæд!

# Апостол Павелы дыккаг фыстæг фессалоникæгтæм

Ацы фыстæг Павел, æвæццæгæн, ныффыста, фессалоникæгтæм фыццаг фыстæг куы арвыста, уый хæдфæстæ. Фессалоникаг чырыстон æхсæнады уæнгтæй чидæртæ раст нæ бамбæрстой Павелы ахуырад Чырыстийы дыккаг æрцыды тыххæй. Чи зоны, æмæ Павелы номæй фыст фæливæн фыстæг райстой, æмæ сæ уый рæдыд хъуыдытыл бафтыдта. Цыдæриддæр у, уæддæр уыйадыл ноджы тынгдæр тыхсын райдыдтой хъаймæты боныл, Чырыстийæн æвæстиатæй æрыздæхгæ у, зæгъгæ, афтæ нымайгæйæ. Дыккаг фыстæджы дзырдæуы, Чырыстийы дыккаг æрцыды размæ цавæрдæр хицæн æнахуыр нысæнттæ кæй уыдзæнис, ууыл, æмæ чырыстæттæ хъуамæ уой быхсон æмæ афтæ ма æнхъæлой, цыма, Чырысти рæхджы кæй æрцæудзæн, уымæ гæсгæ зæххон хъуыддæгтæ кæнын æнæсæрфат ми у.

---

**1** Павел, Силуан æмæ Тимофейæ — Хуыцауы, нæ Фыды, æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийы фессалоникаг аргъуанмæ.
2Хорзæх æмæ уын фарн Хуыцауæй, нæ Фыдæй, æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.
3Сымах тыххæй, æфсымæртæ, мах хъуамæ иудадзыг арфæ кæнæм Хуыцауæн, уымæн æмæ рæзы уæ уырныңдзинад æмæ уе 'хсæн
фидардæр кæны уарзондзинад. 4Сымах цы
æфхæрд æмæ зынтæ æвзарут, уыдонæн фæразон кæй стут æмæ уæм фидар уырныңдзинад кæй ис, уый тыххæй мах уæ хорзы кой кæнæм Хуыцауы æппæт иннæ аргъуанты дæр.
5Уæ уавæр æвдисæн у, Хуыцауы æнæхæрам тæрхон кæй ралæудзæнис, уымæн, æмæ сымах нымад æрцæудзыстут, хъизæмар кæй сæраппонд кæнут, Хуыцауы уыцы Паддзахады аккагыл. 6Хуыцау у рæстаг, æмæ фыд-
былызтæ кæй аххосæй æвзарут, уыдоныл æруадздзæнис бæллæхтæ. 7Сымахæн та,
ныр зын уавæры чи ис, уыдонæн, махимæ иумæ удæнцой ратдзæнис, Бардарæг Йесо Йæ хъомысджын зæдтимæ пиллонкалгæ арты мидæг уæлæрвтæй куы 'рцæуа, уæд.
8Йæ маст райсдзæни, Хуыцауы чи нæ зоны æмæ нæ Бардарæг Йесойы Фарны Уацы коммæ чи нæ кæсы, уыдонæй. 9Уыдонæн
рахастæуыдзæн мыггагмæ амæлыны тæрхон, æнæхай фæуыдзысты Бардарæгæй æмæ Йе стыр кадæй, 10куы 'рцæуа, уæд. Уыцы бон Æй
скадджын кæндзысты Йæ сыгъдæджытæ, Чи Йыл бауæндыд, уыдон се 'ппæт дæр фендзысты Йæ намыс, уыдонимæ сымах дæр, уымæн æмæ бауæндыдыстут нæ ныхасыл.
11Æмæ мах иудадзыг кувæм сымах тыххæй, цæмæй уæ нæ Хуыцау, цы цардмæ уæ æрхуыдта, уый аккаг скæна, сæххæст уын кæна уæ хорз фæндиæгтæ æмæ, уырныдзинады бындурыл цы хъуыддæгтæ аразут,
уыдон. 12Цæмæй сымах скадджын кæнат
нæ Бардарæг Йесойы ном æмæ, нæ Хуыцау æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийы хорзæхæй, уæхæдæг дæр скадджын уат Йæ кадæй.

**2** Æфсымæртæ, нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы дыккаг æрцыдыл æмæ Йемæ нæ иумæйаг фембæлдыл дзургæйæ та зæрдиагæй курын сымахæй, 2цæмæй уæ зонд фидар уа
æмæ уæ тасы ма бафтауой нæдæр мæнгпехуымпарад, нæдæр ныхæстæ, нæдæр фыстæг, цыма уыдон махæй рацыдысты, ныридæгæн Бардарæджы æрцыды бон ралæууыд,
зæгъгæ. 3Мачи уæ макуыд асайæд — мацы
хуызы. Уымæн æмæ уал раздæр хъуамæ уа Хуыцауы ныхмæ стыр ныхмæлæуд, æмæ фæзына фыддзинады буарыдзыд фæлгонц — мæлæты тæрхон кæмæн рахастæуыд, уыцы
адæймаг. 4Уый йæхи, хуыцаугондыл кæнæ
табуйагыл цыдæриддæр нымадæуы, уыдонæй уæлдæр сæвæрдзæн æмæ сæ ныхмæ сыстдзæни. Суанг Хуыцауы Кувæндоны æрбаддзæн æмæ йæхи расиддзæни Хуыцауæй.
5Æз ма сымахмæ куы уыдтæн, уæд уын
уый тыххæй кæй дзырдтон, уый уæ зæрдыл
нал лæууы, æви? 6Æмæ уын ныр зындгонд
у, цы йæ уромы, уый. Фæлæ, йæ рæстæг куы
ралæууа, уæд йæхи раргом кæндзæн. 7Уымæн æмæ фыдæхы сусæг тыхтæ скуыстой

ныридæгæн, фæлæ уал раздæр хъуамæ, йæ
фæндаг ын чи æхгæны, уый ацæуа. 8Уæд
фыдгæнæг йæхи раргом кæндзæн, æмæ
йæ Бардарæг Йесо амардзæн Йæ комулæф-
тæй, цы бон æрцæуа, уыцы бон æй бабын
кæндзæн Йæ кады рухсæй. 9Фыдгæнæджы
æрцыд сайтаны арæзт хъуыддаг у, æмæ ра-
бæрæг уыдзæн алыхуызон бæлвырд ны-
сантæ æмæ мæнг диссæгты руаджы. 10Алы
фæливæн митæй сайдзæн сæфты къахыл
лæуджыты — уыдон сæфынц, уымæн æмæ
нæ бауарзтой, сæ фервæзыны тых кæмæ ис,
уыцы æцæгад. 11Уый тыххæй сæ Хуыцау ныу-
уагъта фæлывды æвджид, мæнг цы у, ууыл
куыд баууæндой. 12Æмæ, æцæгадыл чи нæ
баууæндыди, фæлæ тæригъæд чи бауарзта,
уыдон се 'ппæт дæр уыдзысты тæрхонгонд.

13Мах та сымах тыххæй, Бардарæг кæй
бауарзта, нæ уыцы æфсымæртæ, хъуамæ
иудадзыг арфæ кæнæм Хуыцауæн — Уый
дуне сфæлдисыны размæ сымах сæвзæрста,
цæмæй фервæзат, Йæ Уд уæ кæй ссыгъдæг
кодта æмæ æцæгадыл кæй баууæндыдыстут,
уый фæрцы. 14Уымæ гæсгæ уæм фæсидти
Хуыцау, махæй цы Фарны Уац фехъуыстат,
уый руаджы — нæ Бардарæг Йесо Чырысти-
йы кадæй хай райсынмæ.

15Уæдæ, æфсымæртæ, ут æнæфæцудгæ
æмæ фидар хæцут, мах уæм ныхасæй кæнæ
фыстæй кæй æрхастам, уыцы æцæгадыл.
16Нæ Бардарæг Йесо Чырысти Йæхæдæг æмæ,
мах Чи бауарзта, Йæ хорзæхмæ гæсгæ нын
æгæрон ныфс æмæ фидар æнхъæлц Чи радта,
нæ уыцы Фыд Хуыцау 17барæвдауæд сымах
зæрдæтæ æмæ уæ сфидар кæнæд, цæмæй
кæддæриддæр аразат æмæ дзурат, хорз цы
у, уый.

**3** Кæронбæттæны ма уæ курын, æфсымæр-
тæ: кувут мах тыххæй, цæмæй Бардарæджы
Фарны Уац æнхъæвза дарддæр æмæ йын
алы ран дæр кад кæной, сымах ын куыд
кад кæнут, афтæ. 2Кувут, цæмæй мах фер-
вæзæм æвзæр æмæ фыд адæмæй; уымæн
æмæ уырнындзинад алкæмæ нæй. 3Фæлæ
Бардарæг иузæрдион у, Уый уæ сфидар кæн-
дзæн æмæ уæ бахиздзæни сайтанæй. 4Мах
уын цы фæдзæхсæм, уый кæй аразут æмæ
йæ кæй араздзыстут, ууыл мах, Бардарæджы
фæрцы, фидарæй æууæндæм. 5Бардарæг уын
уæ зæрдæтæ саразæд Хуыцауы уарзтмæ æмæ
Чырыстийау фæразонмæ.

6Нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы номæй
уын фæдзæхсын, æфсымæртæ, мах сæм цы
æцæгад æрхастам, уымæ гæсгæ чи нæ цæры
æмæ магуса чи у, ахæм æфсымæртимæ уын
иумæйагæй мацы уæд. 7Мах уын цæмæй
фæзминаг стæм, уый уæхæдæг зонут — магу-
сатау уæм нæ цардыстæм. 8Нæ къæбæр лæвар
никæмæ хордтам, фæлæ æхсæвæй-бонæй
кодтам уæззау куыст, цæмæй уæ макæй
батыхсын кæнæм. 9Ахæм бар нын нæ уы-
ди, зæгъгæ, уый тыххæй нæ, фæлæ хъуамæ
равдисæм, сымахæн бафæзмыны аккаг цæ-
мæй стæм, уый. 10Сымахмæ куы уыдыстæм,
уæд уын афтæ фæдзæхстам: «Кусын кæй нæ
фæнды, уый хæргæ дæр ма кæнæд». 11Фæ-
лæ мах куыд хъусæм, афтæмæй сымахæй
иуæй-иутæ сты магусатæ, ницы аразынц,
фæлæ сæхи тъыссынц кæйдæр хъуыддæг-
ты. 12Ахæмтæн Бардарæг Йесо Чырыстийы
номæй фæдзæхсæм æмæ курæм, цæмæй
ныггуыбыр кæной æмæ кусой, цæрой сæхи
къухты фæллойæ.

13Сымах та, æфсымæртæ, æвæллайгæйæ
аразут хорз хъуыддæгтæ. 14Нæ фыстæджы
цы амындтытæ ис, уыдонмæ чи нæ байхъуса,
ахæмы хъуамæ зонат æмæ уын йемæ иумæ-
йагæй мацы уа, цæмæй йæхиуыл æрхуда.
15Æрмæст æй уе знагыл ма нымайут, фæлæ
уе 'фсымæрыл, æмæ йын амонут зонд.

16Фарндæттæг Бардарæг уын кæддæрид-
дæр æмæ алы хъуыддаджы дæр фарн дæт-
тæд. Бардарæг уæд уе 'ппæтимæ дæр!

17Æз, Павел, саламтæ кæронæй мæхи къу-
хæй бафыстон — фыстæг мæнæй кæй у, уый
нысанæн. 18Нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы
хорзæх уе 'ппæты дæр уæд!

# Апостол Павелы фыццаг фыстæг Тимофеймæ

Ацы фыстæг у, æхсæнæдтæм нæ, фæлæ хицæн адæймæгтæм фыст чи уыдис, уыцы фыстæджытæн сæ фыццаг. Тимофей райгуырдис дзуттаг мад æмæ бердзенаг фыдæй. Уый сси Павелы æнувыддæр æххуысгæнджытæй иу, бирæ азты дæргъы йе ’мбæлццон уыди Фарны Уац хæссыны фæндæгтыл. Ацы фыстæджы Павел ныфсæвæрæн ныхæстæ кæны йе ’рыгон æмкусæгæн æмæ йын амоны, чырыстон æхсæнадыл куыд аудын хъæуы, уый.

Фыстæг адих кæнæн ис дыууæ хайыл. Фыццаг хайы (1–3 сæртæ) Павел æппæты разæй фæдзæхсы Тимофейæн мæнгахуырады ныхмæ фидарæй лæууын. Уый фæстæ йын дзуры чырыстон æхсæнады цардь фæткыл, уæлдай биноныгдæрæй та, Хуыцаумæ кувыны æгъдаумæ цы хауы, ууыл. Ноджы ма Павел дзуры, æхсæнæдты разамонджытæ æмæ се ’ххуысгæнджытæ цавæр æууæлтæй хайджын хъуамæ уой, уыдæттыл. Дыккаг хайы (4–6 сæрты) Павел амоны Тимофейæн, цæмæй уый фæзминаг уа Чырыстийыл йе ’ууæнк æвдисыны хъуыддаджы æмæ йæхи снывонд кæна æхсæнады уæнгтæн раст ахуырад дæттынæн. Ноджы ма йын кæны уырнæг адæмы алыхуызон къордты (зæрæдты, æрыгæтты, идæдз сылгоймæгты, цагъайрæгты) тыххæй уынаффæтæ.

---

**1** Павелæй, Хуыцауы, нæ Ирвæзынгæнæ-
джы, æмæ не ’нхъæлц Йесо Чырыстийы
фæндæй, Йесо Чырыстийы апостолæй. 2Æз
фыссын Тимофеймæ, уырныдзинады руа-
джы мын æцæг хъæбул чи сси, уымæ. Хорзæх,
арфæ æмæ дын фарн Фыд Хуыцауæй æмæ
нæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.
3Македонимæ куы цыдтæн, уæд дæм æр-
хатыдтæн, цæмæй Эфесы баззайай æмæ
дзы иуæй-иутæн бафæдзæхсай, цæмæй ма-
уал хæлиу кæной дзыллæйы æхсæн мæнг
ахуырæдтæ 4æмæ ныууадзой æрымысгæ
хабæрттæ, стæй рагфыдæлты хæдзарвæн-
дæгты æнæкæрон койтæ. Æппæт уыдæттæн
нæй фæуæн, расайынц æнæпайда быцæутæ
æмæ ахъаз не сты Хуыцауы хъуыддагæн —
уырныдзинады руаджы адæмы ирвæзын
кæнынæн. 5Уыцы фæдзæхстæн йæ нысан
у, сыгъдæг зæрдæ, сыгъдæг цæсгом æмæ
зæрдиаг уырнынад кæй быидур сты, ахæм
уарзондзинад. 6Иуæй-иутæ фæиппæрд сты
уыцы фæндагæй æмæ схæцыдысты æнæ-
пайда дзæнгæдайыл. 7Динамонджытæ суой,
уый сæ фæнды, фæлæ, цы дзурынц, уый
дæр не ’мбарынц, стæй, цæуыл бауæндын
кæнынил архайынц, уый дæр.
8Мах та зонæм: Моисейы Æгъдау хорз у,
йæхæдæг куыд домы, афтæ дзы куы пайда
кæнай, уæд. 9Ома, Æгъдау рæстгæнæгæн нæ,
фæлæ йæ чи не ’ххæст кæны, уыдонæн фыст
у — хиваст, æнаккаг, æнæхуыцау, тæригъæд-
джын адæймæгтæн, сыгъдæгдзинад ницæ-
мæдарджытæн, фыд кæнæ мадмæ йæ къух
сисджытæн, лæгмартæн, 10хæлд адæмæн,
нæлмойтæн, цагъайрæгтæй базаргæнджы-
тæн, фæлитойтæн, мæнгæрдтæн æмæ раст
ахуырады ныхмæлæуджытæн се ’ппæтæн.
11Уыцы ахуырад цæуы арфæйаг Хуыцауы
кадыл дзурæг Фарны Уацæй — мæнæн кæй
бафæдзæхстæуыд, уымæй.
12Æз арфæ кæнын, мæнæн тых Чи радта,
нæ уыцы Бардарæг Йесо Чырыстийæн, иу-
зæрдионыл мæ кæй банымадта, Йæ кусæг мæ
кæй скодта, уый тыххæй, 13кæд æз раздæр
фауæг, сурæг æмæ æфхæрæг уыдтæн, уæд-
дæр. Фæлæ мын Хуыцау ныххатыр кодта,
уымæн æмæ, цы ми кæнын, уый не ’мбæрс-
тон — талынг æмæ æнæуырнæг уыдтæн.
14Нæ Бардарæг мын рæдауæй бахай кодта
Йæ хорзæхæй æмæ, Йесо Чырыстиимæ иу
кæй стæм, уый руаджы нæхи чи свæййы,
уыцы уырныдзинад æмæ уарзтæй. 15Ацы
ныхас æцæг у æмæ йыл ис æнæгуырысхойæ
бауæндæн: Йесо Чырысти дунемæ æрцыди
тæригъæдджынты фервæзын кæнынмæ,
æмæ уыдонæн æз сæ фыццаг дæн. 16Æмæ
мын хатыргонд дæр уый тыххæй æрцыд, цæ-
мæй Йесо Чырысти фыццаг мæныл равдиса,

куыд бирæбыхсаг у, уый — чи Йыл баууæнда
æмæ мыггагмæйы цард чи райса, уыдонæн
дæнцæгæн. 17Æнусон Паддзахæн — цæстæй
кæй нæ уынæм, уыцы æнæмæлгæ иунæг
Хуыцауæн — кад æмæ намыс уæд æнусæй-
æнустæм! Аммен.
18Уыдæттæ дын, мæ хъæбул Тимофей, æз
фæдзæхсын, дæу тыххæй цы пехуымпар
ныхæстæ уыди, уыдонмæ гæсгæ. Æмæ уы-
цы пехуымпар ныхæстæй разæнгардæй тох
кæн æнувыд хæстонау. 19Уæд дæм уырнын-
дзинад æмæ у хæдæфсарм. Иуæй-иутæ нæ
бакастысты се 'фсармы коммæ æмæ уый
аххосæй адзæгъæл сты уырныдзинадæй.
20Уыдонæй сты Именей æмæ Александр. Æз
сæ бакодтон сайтаны бар, цæмæй Хуыцауы
фауын ферох кæной.

**2** Фыццаджыдæр курын, цæмæй куват, ку-
рат, лæгъстæ æмæ арфæ кæнат Хуыцауæн
æппæт адæмы, 2уыимæ — паддзæхтæ æмæ
æппæт хицæутты тыххæй дæр, цæмæй æн-
цад-æнцойæ æмæ æнæмастæй, Хуыцауыл
æнувыдæй кад æмæ радимæ цæрæм. 3Афтæ
кувын хорз æмæ фæндон у нæ Ирвæзынгæ-
нæг Хуыцауæн — 4фæнды Йæ, цæмæй адæм
иууылдæр фервæзой æмæ базоной æцæгад.
5Уымæн æмæ Хуыцау иу у, Хуыцау æмæ адæ-
мы 'хсæн дæр — иу Æхсæнылæг ис, Адæймаг
Йесо Чырысти. 6Æппæт адæмы балхæнынæн
Уый Йæхи æрхаста нывондæн, — афон кæй
æрцыд, уый нысанæн. 7Уымæ гæсгæ Уый
мæн сæвæрдта Хуыцауы ныхас хъусынгæ-
нæгæй, апостолæй æмæ — æцæг зæгъын,
нæ сайын! — уырныдзинад æмæ æцæгад
амонæгæй.
8Мæн фæнды, цæмæй алы ран дæр нæл-
гоймæгтæ сыгъдæгзæрдæйæ сæ къухтæ да-
рой Хуыцаумæ æмæ Йæм кувой, сæ зæрдæты
фыдæх æмæ гуырысхо куыд нæ уа, афтæмæй.
9Мæн фæнды, цæмæй сылгоймæгтæн сæ
дарæс уа бонзонгæ, уой хæдæфсарм æмæ æм-
баргæ. Фидауцджын уæд сæ сæрыфаст, зæ-
рин фæлындæнтæ, дзындзытæ æмæ зынаргъ
фæлыстæй нæ, 10фæлæ, йæхи Хуыцауæн чи
снывонд кодта, уыцы сылгоймæгтæн цы
æмбæлы, уыдæттæй — сæ хорз хъуыддæг-
тæй. 11Сылгоймаг ахуыр кæнæд æдзæмæй,
иудадзыг коммæгæсæй; 12нæлгоймагæн зонд
амоныны æмæ йыл æлдариуæг кæныны бар
та йын нæ дæттын — уæд æдзæм. 13Уымæн
æмæ раздæр Адамы сфæлдыстæуыд, уый
фæстæ та — Евæйы. 14Сайд дæр Адамыл не
'рцыд — сылгоймагыл æрцыд сайд, æмæ
фæтæригъæдджын. 15Фæлæ сылгоймаг дæр
фервæздзæн, цот уадзгæйæ, уырныдзинад
æмæ уарзтимæ куы цæра, сыгъдæг æмæ
хæдæфсарм куы уа, уæд.

**3** Ацы ныхас æцæг у: аргъуаны хистæр
уæвын кæй фæнды, уый хорз хъуыддаг-
мæ бæллы. 2Аргъуаны хистæр хъуамæ уа
æнæфау, иу усы мой, уæззау зонды хицау,
хæдæфсарм, хæрзуаг, уазæгуарзон, хорз
зондамонæг, 3ма уа расыггæнаг, хылмондаг,
загъдгæнаг, æхцауарзаг, фæлæ уа æвæлмас,
4аккаг уынаффæгæнæг йæ хæдзарæн, аргъ
ын кæной йæ цот æмæ йын уой коммæгæс.
5Уымæн æмæ хи хæдзарæн уынаффæ кæ-
нынмæ чи нæ арæхсы, уый Хуыцауы аргъуа-
ны хъуыддæгтæ куыд кæндзæн? 6Аргъуаны
хистæр, æрæджы чи баууæндыд, уыдонæй
ма уæд, цæмæй йæхиуыл ма фервæсса æмæ,
хæйрæгæн цы тæрхон рахастæуыд, ахæм
тæрхон ын ма рахастæуа. 7Хъуамæ йæ ны-
майой æнæуырнджытæ дæр, цæмæй дзы
æвзæрæй мацы райхъуыса æмæ хæйрæджы
хызы ма бахауа.
8Диакъонтæ дæр хъуамæ уой аккаг лæгтæ,
ма уой дывзагон, нозтуарзаг æмæ кæрæф.
9Хъуамæ фидар хæцой уырнынады арфæ-
вæрд мидисыл æмæ сæ цæсгом уа сыгъдæг.
10Ахæмты фыццаг хъæуы бафæлварын, æмæ
æнæфау куы разыной, уæд-иу диакъоны
лæггад кæнæнт.
11Афтæ сæ устытæ дæр: хъуамæ уой кады
аккаг, ма уой хахуыргæнджытæ, уой уæззау
зонды хицау æмæ æууæнкджын алы хъу-
ыддаджы дæр. 12Диакъон хъуамæ уа иу усы
мой, хорз арæхса йæ цотæн æмæ йæ хæдза-
рæн уынаффæ кæнынмæ. 13Хорз чи бакусы,
уыцы диакъонтæ схизынц сæ куысты уæл-
дæр къæпхæнмæ æмæ, Йесо Чырыстийыл
кæй æууæндынц, уый фæрцы Хуыцауы раз
свæййынц тынг ныфсджын.
14Ацы фыстæг дæм фыссын, рæхджы дæм
кæй æрцæуудзынæн, ууыл зæрдæ даргæйæ.
15Фæлæ куы афæстиат уон, уæд зон, Хуы-
цауы хæдзары хи куыд дарын хъæуы, уый.
Уыцы хæдзар цардæгас Хуыцауы Аргъуан
у — æцæгадæн йæ цæджындз æмæ йе 'нæ-
фæцудгæ бындур. 16Гуырысхойаг нæу — нæ
уырнындзинады сусæгдзинад стыр у:

Хуыцау æрцыди адæймаджы буары,
Сыгъдæг Уд Æй банымадта æназымыл,
зæдтæ Йæ федтой,
Йæ ном хъуыстгонд æрцыд адæмты
'хсæн,
бауууæндыдысты Йыл дунейы,
уæлæрвтæм Æй систæуыд кадимæ.

**4** Хуыцауы Уд бæлвырд зæгъы: рæстæджы
кæрон бирæтæ ныууадздзысты уырнын-
дзинад, баууæнддзысты фæлитой монтыл
æмæ дæлимонты ахуырæдтыл. 2Уыдæттæ
рацыдысты, йе ’фсарм чи бахордта, уыцы
мæнгард цæстмæхъустæй. 3Уыдон нæ уа-
дзынц ус курын, нæ дæттынц цыдæр хой-
рæгтæ хæрыны бар; афтæмæй та сæ Хуыцау
уымæн сфæлдыста, цæмæй сæ бузныгæй
хæрой, чи Йыл баууæндыд æмæ æцæгад
чи базыдта, уыдон. 4Хуыцау цыдæриддæр
сфæлдыста, уый у хорз æмæ аппаринаг нæу,
бузныгæй дзы куы хæрай, уæд, 5уымæн
æмæ ссыгъдæг вæййы Хуыцауы ныхасæй
æмæ кувынæй.

6Уыдæттæ амон æфсымæртæн æмæ уы-
дзынæ, уырнындзинады ныхасæй, стæй, цы
арфæйаг ахуырадыл ныллæууыдтæ, уый
ныхасæй рæз чи схаста, Йесо Чырыстийы
уыцы хорз кусæг. 7Дæхи хиз, æнæуаг æмæ
æрмæст зæронд устытыл чи фидауы, ахæм
тутт ныхæстæй, фæлæ фæлвар Хуыцауæн
фæндиагæй цæрыныл. 8Уымæн æмæ буар
фæлварын уадиссаг пайда нæ дæтты, Ху-
ыцауæн фæндиагæй цæрын та алцæмæй
дæр пайда у — зæрдæ æвæры абоны цар-
дæй дæр æмæ фидæны цардæй дæр. 9Ацы
ныхас æцæг у æмæ йыл ис æнæгуырысхойæ
баууæндæн. 10Уыцы царды сæраппонд у нæ
фæллой æмæ нæ тох, уымæн æмæ нæ зæр-
дæ цардæгас Хуыцауыл дарæм; Хуыцау та
æппæт адæмæн, уæлдайдæр уырнджытæн,
сæ Ирвæзынгæнæг у.

11Амон афтæ æмæ ууыл ахуыр кæн ин-
нæты. 12Æвзонг кæй дæ, уый тыххæй дыл
æнæвввæрсонтæ мачи кæнæд. Уырнджытæн
у фæзминаг дæ ныхасæй, дæ цардæй, дæ
уарзтæй, дæ уырнындзинадæй, æнæкъæм
кæй дæ, уымæй. 13Ме ’рцыдмæ кæс Сыгъдæг
Фыст, амон æмæ ахуыр кæн иннæты дæр.
14Аргъуаны хистæртæ дыл сæ къухтæ куы
æрæвæрдтой, уæд дын пехуымпар ныхасмæ
гæсгæ Хуыцау цы курдиат радта, уымæ уа-
зал цæстæй ма кæс. 15Де ’ргом аздах æппæт
уыдæттæм, дæхи сын снывонд кæн, цæмæй
алчидæр уына де ’нтыст. 16Лæмбынæг кæс
дæхимæ æмæ ахуырадмæ, афтæ кæн иуда-
дзыг — уæд дæхи дæр æмæ дæм чи хъусы,
уыдоны дæр фервæзын кæндзынæ.

**5** Зæронд лæгмæ тызмæгæй ма дзур, фæлæ
йын амон, цыма дæ фыдæн амоныс, афтæ.
Кæстæртимæ дзур, дæхи ’фсымæртимæ дзу-
рæгау; 2ацæргæ сылгоймæгтимæ — цыма дæ
мадимæ дзурыс, афтæ; дæхицæй кæстæр
сылгоймæгтимæ — дæхи хотимæ дзурæгау,
хиуылхæцгæ æмæ сыгъдæгзæрдæйæ.

3Æххуыс кæн, иунæгæй чи баззад, уыцы
идæдз сылгоймæгтæн. 4Фæлæ кæд идæ-
дзæн ис сывæллæттæ кæнæ цоты цот, уæд
уыдон фыццаг сахуыр уæнт хи хæдзары сæ
уырнындзинад хъуыддагæй æвдисыныл
æмæ ныййарджытæн сæ хорз хорзæй фиды-
ныл — уый Хуыцауæн фæндон у. 5Иунæгæй
чи баззади, уыцы идæдз ус йæ зæрдæ дары
æрмæст Хуыцауыл, æхсæвæй-бонæй кувы
æмæ куры. 6Ирхæфсæнтæ уарзаг идæдз ус та
удæгасæй мард у. 7Амон сын æппæт уыдæт-
тæ, цæмæй сæ цард уа æнæфау. 8Хионтыл,
уæлдайдæр та йæ бинонтыл чи нæ тыхсы,
уый ныууагъта уырнындзинад æмæ æнæ-
уырнæгæй фыддæр у.

9Идæдзты номхыгъдмæ бахæссæн ис, æп-
пынкъаддæр æртиссæдз азы кæуыл цæуы
æмæ иу мой кæмæн уыд, ахæм сылгоймæгты.
10Алчидæр сæ хъуамæ зындгонд уа йæ хорз
хъуыддæгтæй: схъомыл кодта сывæллæттæ,
бæлццæттæн уыд фысым, сыгъдæджытæн
æхсадта сæ къæхтæ, æххуыс кодта иннæ-
тæн сæ зынты — алы хорз хъуыддагмæ дæр
у æмхиц.

11Æрыгон идæдз сылгоймæгты та ном-
хыгъдмæ ма хæсс, уымæн æмæ, сæ монцтæ
Чырыстийæ уæлдæр куы сæвæрынц, уæд сæ
бафæнды моймæ фæцæуын. 12Афтæмæй
свæййынц азымджын, уымæн æмæ фæса-
йынц, раздæр кæй радтой, сæ уыцы дзырд.
13Уыимæ ма фæцалх вæййынц æвдæлон
цардыл æмæ хæдзари-хæдзар зилыныл;
свæййынц канд æвдæлон нæ, фæлæ дзæ-
гъæлдзых, сæхи тъыссынц кæйдæр хъуыд-
дæгты, фæдзурынц, цы не ’мбæлы, уыдæттæ.
14Уымæ гæсгæ мæн фæнды, цæмæй æрыгон
идæдз устытæ цæуой моймæ, арой сывæл-
лæттæ, уынаффæ кæной сæ хæдзæрттæн
æмæ ныхмæлæууæгæн мацы фадат дæттой
фауынæн. 15Уымæн æмæ иуæй-иутæ нырид-
дæгæн адзæгъæл сты сайтаны фæдыл. 16Кæд
уырнæг сылгоймагæн ис хæстæг идæдз усты-
тæ, уæд сæм кæсæд йæхæдæг æмæ аргъуаны
ма тыхсын кæнæд, цæмæй аргъуан æххуыс
кæна иунæгæй баззайæг идæдз устытæн.

17Ныыл разамынд цы аргъуаны хистæртæ
дæттынц, уыдонæн фылдæр аргъ кæнын
хъæуы, Хуыцауы ныхас амоныныл æмæ
ахуыр кæныныл чи кусы, уæлдайдæр уыдо-
нæн. 18Уымæн æмæ Сыгъдæг Фыст зæгъы:
«Найгæнæг галæн йæ дзых ма бætт» æмæ:
«Алы кусæг дæр мызды аккаг у». 19Аргъу-
аны хистæрыл цы хъаст æрбацæуа, уымæ

ма байхъус, дыууæ кæнæ æртæ æвдисæны
куынæ уа, уæд. 20Тæригъæды æфтыд чи у,
уыдонæн уайдзæф кæн æппæт аргъуаны
раз, цæмæй тæрсой иннæтæ дæр. 21Хуыцауы,
Йесо Чырыстийы æмæ æвзæрст зæдты раз
дæуæн фидарæй фæдзæхсын уыцы амынд-
тытæ æххæст кæнын; уыимæ макæй хъулон
кæн, алкæмæ дæр кæс иухуызон цæстæй.
22Искæуыл къух æрæвæрынмæ ма батагъд
кæн, цæмæй ма схайджын уай кæйдæр тæ-
ригъæдæй; дæхи бахиз фæчъизийæ.

23Нырæй фæстæмæ нуаз æрмæст дон нæ,
фæлæ иу чысыл сæн дæр, дæ ахсæн кæй
риссы æмæ арæх рынчын кæй вæййыс, уый
тыххæй.

24Иуæй-иутæн сæ тæригъæдтæ тæрхо-
ны агъоммæ дæр бæлвырд сты, иннæтæн
та фæстæдæр раргом вæййынц. 25Афтæ
бæлвырд сты хорз хъуыддæгтæ дæр, фæлæ,
кæд бæлвырд не сты, уæд дæр нæ басусæг
уыдзысты.

**6** Цагъайрады æфсондзы бын чи ис, уы-
цы цагъартæ хъуамæ алы æгъдауæй дæр
нымайой сæ хицæутты, Хуыцауы номмæ
æмæ нæ ахуырадмæ фау æрхæссæн куыд
нæ уа, афтæ. 2Уырнæг хицæуттæ кæмæн
ис, уыдон сæм ницыйы цæстæй ма кæсæнт,
се ’фсымæртæ кæй сты, уый тыххæй. Уый
нæ, фæлæ сын хъуамæ кусой ноджы æну-
выддæрæй, уымæн æмæ, кæмæн лæггад
кæнынц, уыдон уырнджытæ æмæ уарзон
æфсымæртæ сты.

Ууыл ахуыр кæнын æмæ уыцы зондыл
аразын æмбæлы уырнджыты, гъе! 3Æндæр
ахуырад чи амоны, нæ Бардарæг Йесо Чы-
рыстийы раст ныхæстыл æмæ æцæг уыр-
ныndзинадæй рацæугæ ахуырадыл чи нæ
хæцы, 4уый йæхицæй хъал у, афтæмæй та
ницы зоны, æнæхъуаджы дзæнгæда æмæ
быцæу ныхас кæныны низ ыл бахæцыд.
Ахæм быцæутæ расайынц хæлæг, хъаугъатæ,
фыдгой, гуырысхойы æфтауæг хъуыдытæ,
5æнæбанцайгæ хъæлæбатæ. Æмхиц сæм
чи у, уыдонæн сæ зонд ныззыгъуыммæ ис,
ныууагътой æцæгад, сты ахæм хъуыдыйыл
хæст, цыма уырнындзинад æфтиаг райсы-
нæн у. [Ахæмтæм æмгæрон ма цу.]

6Уырнындзинад хъæздыг кæны, цы йæм
ис, уый фагыл чи нымайы, уыцы адæй-
маджы. 7Уымæн æмæ мах дунемæ ницы
æрхастам, æмæ дзы нæ бон ницы ахæссын
бауыдзæн. 8Фæлæ нын хойраг æмæ дарæс
куы уа, уæд уый фагыл хъуамæ нымайæм.

9Бирæ мулкмæ чи бæллы, уыдон та ба-
хауынц къæппæджы, фæлварæнты, æмæ
фæвæййынц, бæллæх æмæ бынсæфтмæ чи
æркæны, бирæ ахæм æнæзонд æмæ фыд-
былызы мондæгты амæттаг. 10Уымæн æмæ
æппæт фыдбылызтæн сæ уидаг у æхцамæ
бæллын. Æхцамæ бæлгæйæ, иуæй-иутæ
фæхауæггаг сты уырнындзинады фæндагæй
æмæ сæхиуыл хъизæмæрттæ бафтыдтой.

11Ды та, Хуыцауы сконд адæймаг, дæхи
бахиз æппæт уыдæттæй. Тырн рæстадмæ,
Хуыцауæн фæндиаг цардмæ, уырнынад-
мæ, уарзтмæ, фæразон æмæ сæрныллæг
уæвынмæ. 12Æнувыдæй тох кæн уырнын-
дзинадыл, фидар хæц мыггагмæйы цардыл.
Уыцы цардмæ дæ æрхуындæуыд, æмæ йæ
сæраппонд дæ уырнындзинады тыххæй
æргомæй загътай бирæ æвдисæнты раз. 13Ал-
кæмæн дæр цард Чи дæтты, уыцы Хуыцауы
раз, стæй Понтий Пилатæн æцæгады тыххæй
æргомæй Чи загъта, уыцы Йесо Чырыстийы
раз дын фæдзæхсын: 14æппæт амындтытæ
æнувыдæй æмæ æнæфауæй æххæст кæн су-
анг нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы æрцыдмæ.
15Уыцы æрцыд уыдзæн йæ рæстæджы, тæху-
диаг æмæ иунæг Дунедарæджы, паддзæхты
Паддзахы æмæ бардарджыты Бардарæджы
фæндонмæ гæсгæ. 16Уый у, бацæуæн кæдæм
нæй, ахæм рухсы Чи цæры, адæмæй Кæй
ничи федта æмæ фенæн Кæмæн нæй, уыцы
Хуыцау. Æнæмæлгæ æрмæст Уый у. Йæ кад
æмæ Йæ паддзахад — æнустæм! Аммен.

17Ацы царды бонджын чи у, уыдонæн ба-
цамон, цæмæй сæхиуыл ма фервæссой æмæ
ныфсджын уой, зæрдæ дарæн цы мулкыл
нæй, уымæй нæ, фæлæ нын зæрдæйы дзæ-
бæхæн алцыдæр парахатæй Чи дæтты, уыцы
Хуыцауæй. 18Уыдон аразæнт хорз хъуыддæг-
тæ, æмæ уыцы хорз хъуыддæгтæ уæнт сæ
хъæздыгдзинад; уадз æмæ уой рæдау æмæ
зæрдæхæлар; 19æмбырд кæной, фидæнæн
æнæфæцудгæ бындур чи у, уыцы хæзна,
цæмæй райсой æцæг цард.

20О Тимофей, цы дын бабар чындæуыд,
уый бахъахъхъæн. Æнæгъдау дзæгъæлдзыр-
дæй æмæ æнæзонд быцæутæй дæхи хиз.

21Иуæй-иутæ дзурынц, цыма сæм ис уыцы
«зонынад», афтæмæй та уырнындзинады
фæндагæй адзæгъæл сты.

Хуыцауы хорзæх уæ уæд! Аммен.

# Апостол Павелы дыккаг фыстæг Тимофеймæ

Дыккаг фыстæг Тимофеймæ, æвæццæгæн, уыдис, Павелæн Ног фæдзæхсты цы фыстæджытæ ис, уыдонæн сæ фæстаг. Йæ фыстæджы уый ногæй зæрдæбынæй дзуры йæ иузæрдион æххуысгæнæг Тимофеймæ. Йæ тыхст уавæр нæ нымайгæйæ, Павел бузныг зæгъы Хуыцауæн – Уый йын уыдис ныфс йæ цард-цæрæнбонты. Павел нæ тæрсы мæлæтæй, уый уырны, æнусон цард æм кæй æнхъæлмæ кæсы Чырыстиимæ. Фæлæ чырыстон æхсæнæдтыл тыхсы, умæн æмæ зоны, Чырыстийы тыххæй æфхæрд кæй æййафдзысты. Умæ гæсгæ амоны Тимофейæн (æмæ уыимæ æппæт чырыстæттæн), цæмæй Чырыстийыл сæ зæрдæ ма сивой æмæ фидар лæууой цыфæнды фыдæвзарæнты дæр.

---

**1** Павелæй — Хуыцауы фæндæй Йесо Чы-
рыстийы апостол чи у, уымæй. Ӕз æрвыст
дæн, Хуыцау зæрдæ цы цардæй бавæрдта,
уый тыххæй фехъусын кæнынмæ — уыцы
цард лæвæрд цæуы Йесо Чырыстиимæ баи-
уы руаджы. 2 Ӕз фыссын мæ уарзон хъæбул
Тимофеймæ.

Хорзæх, арфæ æмæ дын фарн Фыд Хуы-
цауæй æмæ нæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ!

3 Мæ рагфыдæлтау сыгъдæг цæсгомæй
Кæмæн кусын, уыцы Хуыцауæй æз бузныг
дæн, æхсæвæй-бонæй куы фæкувын, уæд
æдзух дæу кæй æрымысын, уый тыххæй.
4 Дæ цæссыгтæ куы æрхъуыды кæнын, уæд
мæ бафæнды дæ фенын, цæмæй мæ зæрдæ
байдзаг уа цинæй. 5 Мæ зæрдыл æрбалæууы
дæ мадымад Лоидæ æмæ дæ мад Евникæ-
йы зæрдиаг уырнындзинад. Дæумæ дæр
ахæм уырнындзинад кæй ис, ууыл фидарæй
æууæндын.

6 Умæ гæсгæ ма дын иу хатт зæгъын: мæ
къухæрæвæрды руаджы Хуыцау дæуæн кæй
радта, уыцы курдиаты арт ахуыссын ма
бауадз. 7 Умæн æмæ нын Хуыцау цы Удæй
бахай кодта, уый нын тæппуды хос нæу,
фæлæ нын дæтты тых, уарзт æмæ раст зонд.
8 Уæдæ нæ Бардарæджы тыххæй æргомæй
кæй дзурыс, уый æфсæрмиагыл ма нымай,
стæй, æз Йæ сæраппонд ахæстоны кæй дæн,
уый дæр. Фæлæ Хуыцауы хъаруйæ ныфсджы-
нæй мемæ иумæ тухæн кæн Фарны Уацы
сæраппонд. 9 Хуыцау мах фервæзын кодта
æмæ нæ æрхуыдта сыгъдæг цардмæ — нæ
хъуыддæгтæм гæсгæ нæ, фæлæ Йæ фæнд
æмæ Йæ хорзæхмæ гæсгæ. Йæ хорзæх нын
Йесо Чырыстийы руаджы суанг дуне сфæл-
дисыны агъоммæ рардæуыд, 10 æргом та абон
раци — нæ Ирвæзынгæнæг Йесо Чырысти
куы æрцыд, уæд; Уый фæтых мæлæтыл æмæ
Фарны Уацы руаджы æрхаста мыггагмæйы
цард. 11 Уыцы Фарны Уацы фидиуæг, апостол
æмæ ахуыргæнæг сдæн æз Хуыцауы фæн-
дæй! 12 Ӕмæ ацы тухæнтæ дæр уый тыххæй
æвзарын, фæлæ сæ худинагыл нæ нымайын.
Умæн æмæ, Кæуыл баууæндыдтæн, уый
зонын æмæ фидарæй æууæндын: мæ бæрны
цы бакодта, уый бахъахъхъæнын Йæ бон у
Йе 'рцыды бонмæ.

13 Мæнæй цы раст ныхæстæ фехъуыстай,
уыдон дын уæнт зонды хос; дæ цард араз,
Йесо Чырыстиимæ баиуы руаджы цы уыр-
нындзинад æмæ уарзтæй схайджын стæм,
уыдонмæ гæсгæ. 14 Нæ зæрдæты цæрæг Сыгъ-
дæг Уды фæрцы бахъахъхъæн, дæ бæрны
дын цы хæзна бачындæуыд, уый.

15 Зоныс æй, асиæгтæ иууылдæр, семæ
Фигел æмæ Ермоген дæр, мæн кæй ныу-
уагътой, уый.

16 Бардарæг арфæ ракæнæд Онисифоры
хæдзарæн. Бирæ хæттыты мæ барæвдыдта,
мæ рæхыстæ дæр æй нæ урæдтой — къæм-
дзæстыджы хос ын нæ уыдисты. 17 Уый нæ,
фæлæ, Роммæ куы æрцыд, уæд мæ агуырдта
зæрдиагæй æмæ мæ ссардта. 18 Бардарæг ын
баххуыс кæнæд, цæмæй йын Тæрхоны бон
Уый уа хатыргæнæг. Эфесы дæр мын цас
балæггад кодта, уый ды хуыздæр зоныс.

**2** Уæдæ, мæ хъæбул, дæхи фидар кæн, Йесо
Чырыстийы руаджы кæмæй схайджын стæм,

уыцы хорзæхæй. 2Æмæ, бирæ æвдисæнты
раз мæнæй цы фехъуыстай, уый ды та фæ-
хæццæ кæн, зæрдæ дарæн кæуыл ис, иннæ-
ты дæр сахуыр кæнынмæ чи сарæхсдзæн,
ахæмтæм. 3Йесо Чырыстийы иузæрдион
хæстонæн куыд æмбæлы, афтæ тухæн кæн
мемæ. 4Никæцы хæстон лæг бацæуыдзæн æр-
вылбоны царды сагъæсты цъысымы — уый
æрмæстдæр уымæ тырны, цæмæй дзы йе
'фсæддон хицауы зæрдæ райгонд уа. 5Ерысты
архайæг хæрзиуæг нæ райсдзæн, ерысты уаг
куы хала, уæд. 6Цы хор æрзад, уымæй хай
фыццаг хъуамæ æрхауа, чи йыл фыдæбон
кодта, уыцы зæхкусæгмæ. 7Ахъуыды кæн,
æз дын цы зæгъын, ууыл. Бардарæг дын
раттæд æппæт дæр æмбарыны зонд.

8Дæ зæрдыл дар Йесо Чырыстийы. Уый у
Давиды байзæддаг, мæрдтæй растæг — ууыл
дзурæг у, æз цы Фарны Уац хъусын кæнын,
уый. 9Уыцы Фарны Уацы сæраппонд хъи-
зæмар кæнын æз, фыдгæнæгау мæ суанг
рæхыстæй дæр сбастой. Фæлæ Хуыцауы
ныхасæн рæхыстæй сбæттæн нæй.

10Уымæ гæсгæ æз алцæмæн дæр фæразын
æвзæрстыты сæраппонд, цæмæй уыдон дæр
фервæзой Йесо Чырыстийы руаджы æмæ
схайджын уой мыггагмæйы кадæй. 11Æцæг
сты ацы ныхæстæ:

«Кæд Йемæ амардыстæм,
уæд цæргæ дæр Йемæ кæндзыстæм.
12Кæд тухæнтæн фæразæм,
уæд паддзахиуæг дæр Йемæ
кæндзыстæм.
Нæхи Йыл куы атигъ кæнæм,
уæд ныл Уый дæр Йæхи атигъ
кæндзæн.
13 Мах Ыл нæ зæрдæ куы аивæм,
уæд дæр Уый иузæрдионæй
баззайдзæн,
уымæн æмæ Йæхиуыл бавдисæн
кæнын
Йæ бон нæу».

14Æппæт уыдæттæ зæрдыл лæууын кæн
æмæ Хуыцауы раз фидарæй фæдзæхс, цæ-
мæй æнæпайда быцæу ныхас ма цæуа — уы-
цы быцæутæ æрмæстдæр зиан æрхæссынц,
чи сæм хъусы, уыдонæн. 15Бацархай, цæмæй
Хуыцауы раз разынай аккаг, йæ куысты тых-
хæй къæмдзæстыг чи нæу, æцæгады ныхас
раст чи амоны, ахæм æнæзæрдæхудт куыст-
гæнæг. 16Æлгъаг æвдæлон ныхæстæй дæхи
хъахъхъæн. Æмхиц сæм чи у, уыдон дардæй-
дарддæр кæнынц Хуыцауæй. 17Тангренæйау
ахæлиу уыдзæни сæ ахуырад. Уыдонæй сты
Именей æмæ Филит. 18Уыдон фæиппæрд
сты æцæгадæй, дзурынц, мæрдтæ ныри-
дæгæн райгас сты, зæгъгæ, æмæ афтæмæй
халынц иуæй-иуты уырнындзинад. 19Фæ-
лæ Хуыцауы æвæрд фидар бындур уæддæр
æнæфæцудгæ у, æмæ йыл ис мыхуыр мæнæ
ацы ныхæстæй: «Хуыцау зоны Йæ адæмы»,
стæй: «Дунедарæджы ном чидæриддæр ары,
уый тæригъæдæй йæхи хизæд».

20Стыр хæдзары та ис æрмæст сыгъзæрин
æмæ æвзист мигæнæнтæ нæ, фæлæ, хъæд
æмæ æлыгæй конд чи у, ахæмтæ дæр, зы-
наргъ мигæнæн дзы куыд ис, афтæ дзы ис
хуымæтæг дурын дæр. 21Уæдæ, йæхи алы
æвзæрдзинадæй чи ссыгъдæг кæна, уый уы-
дзæнис кадджын æмæ уаз мигæнæн — пайда
дзы кæны Хæдзары Хицау æмæ бæззы алы
хорз хъуыддагæн дæр.

22Лæппуйы монцтæй хиз дæхи. Сыгъдæг-
зæрдæйæ Бардарæгмæ чи кувы, уыдонимæ
тырн рæстæй цæрынмæ, уырнындзинадмæ,
уарзт æмæ фидыдмæ. 23Æдзæлгъæд æмæ
æнæфенд быцæутæй дæхи хиз, — уыдон
хъаугъатæ кæй расайынц, уый дын зындгонд
у. 24Бардарæджы цагъарæн та хъаугъа кæнын
не 'мбæлы, фæлæ алкæимæ дæр хъуамæ уа
зæрдæхæлар, зонд амонынмæ арæхса æмæ
маст ма хæсса йæ зæрдæйы, 25ныхмæлæу-
джыты ахуыр кæна æвæлмасæй. Гæнæн ис,
æмæ сын Хуыцау баххуыс кæна, фæсмон
сæм æрцæуа æмæ, æцæгад цы у, уый базоной,
26æрæмбарой сæхи æмæ раирвæзой, йæ бар-
хъомыс сыл чи сæвæрдта, уыцы хæйрæджы
къæппæгæй.

**3** Зон уæдæ: рæстæджыты кæрон ралæу-
дзæн уæззау заман. 2Адæм сæхи æмæ æх-
цайæ дарддæр ницы уарздзысты, уыдзысты
хиппæлой, хъал, гуырымыхъхъ, сæ ныййар-
джытæм нæ хъусдзысты, æбузн, æнæхуыцау.
3Уыдон уыдзысты дурзæрдæ, æнауæрдон,
хахуыргæнæг, æнæхиуылхæцгæ, æгъатыр,
хорзæй цыдæриддæр ис, уымæн знаг; 4гадз-
рахатæйцæуæг, æнæсæрфат, схъæл адæм,
ирхæфсæнтæ сын Хуыцауæй зынаргъдæр
уыдзысты. 5Æдде бакæсгæйæ сæхи афтæ æв-
дисдзысты, цыма Хуыцауы тынг нымайынц,
химидæг та Йыл сæхи атигъ кæндзысты.
Ахæмтæм æмгæрон ма цу.

6Уыдоны хуызæттæ баирвæзынц хæ-
дзæрттæм æмæ сæ уацары бакæнынц, йæ
тæригъæдтæ кæмæн сбирæ сты, йæ монц-
ты дæлбар чи у, абон йæ зæрдæ иу кæмæн
домы, райсом — иннæ, уыцы æнæсæрфат
сылгоймæгты, 7иудадзыг цыдæртæ чи аху-
ыр кæны, фæлæ æцæгад базонын йæ бон

кæмæн нæу, ахæмты. 8Ианний æмæ Иамв-
рий Моисейы ныхмæ куыд лæууыдысты,
афтæ уыцы адæймæгтæ дæр сты æцæгады
ныхмæ, сæ зонд ныззыгъуыммæ ис, æцæг
уырнындзинадимæ сын иумæйагæй ницы
ис. 9Фæлæ сын бирæ нæ бантысдзæн. Алкæ-
мæн дæр раргом уыдзæн, уыдон æнæзонд
кæй сты, уый — уыцы дыууæйы хабар куыд
уыди, афтæ.

10Ды та дæ цард сарæзтай мæ ахуырад-
мæ гæсгæ; бафæзмыдтай мæ царды уаг, мæ
бæллицтæ, мæ уырнынад, мæ уарзт, куыд
фæразон æмæ фидар дæн, уый. 11Ды мемæ
бавзæрстай, Антиохийы, Иконы æмæ Лист-
рæйы мæ сæр кæй баййæфта, уыцы æфхæрд
æмæ хъизæмæрттæ. Цы фыдæфхæрд нæ
баййæфтон! Æмæ мæ æппæт уыдæттæй
фервæзын кодта Бардарæг. 12Æниу, Йесо Чы-
рыстиимæ баиуы фæстæ сыгъдæгæй цæрын
кæй фæнды, уыдон се 'ппæт дæр æфхæрд
æййафдзысты. 13Фыдзæрдæтæ æмæ фæли-
тойтæ та кæндзысты æвзæрæй-æвзæрдæр,
сæхæдæг фæсайды уыдзысты æмæ иннæты
дæр сайдзысты.

14Ды та цæуыл сахуыр дæ æмæ фидарæй
цæуыл бауæндыдтæ, уый хæццæ кæн дард-
дæр. Чи дæ сахуыр кодта, уыдоны хорз зо-
ныс; 15уыимæ сабибонтæй фæстæмæ ды
зоныс Сыгъдæг Фыст — уымæ ис дæуæн зонд
раттыны тых, цæмæй Йесо Чырыстийыл
æууæндыны руаджы фервæзай. 16Æппæт
Сыгъдæг Фыст Хуыцауæй разæнгардæй ныф-
фыстæуыд, æмæ ахъаз у ахуырæн, багæды
кæнынæн, раст фæндагмæ раздахынæн,
Хуыцауæн фæндиагæй цæрыныл хъомыл
кæнынæн, 17Хуыцауы сконд адæймаг алы
хуызы ифтонг æмæ алы хорз хъуыддагмæ
дæр цæттæ куыд уа, афтæ.

**4** Хуыцауы раз, стæй, Йæ паддзахы бартимæ
Чи æрцæуудзæн æмæ удæгæстæн æмæ мæрд-
тæн тæрхон Чи кæндзæн, нæ уыцы Бардарæг
Йесо Чырыстийы раз дын фидарæй фæдзæх-
сын: 2хъусын кæн Хуыцауы дзырд, амон
æй, фадат дын куы уа, уæд дæр æмæ дын
куынæ уа, уæд дæр. Цæстмæ дар, уайдзæф
кæн, рæвдау — амон фæразонæй. 3Уымæн
æмæ æрцæуудзæн ахæм рæстæг, æмæ адæм
раст ахуырадыл сæхи атигъ кæндзысты, сæ
монцтæм гæсгæ сæхицæн æвзардзысты, сæ
хъустæн æхсызгон кæй ныхас уа, ахæм бирæ
ахуыргæнджытæ; 4æцæгадмæ нал хъусдзыс-
ты æмæ бауæнддзысты аргъæуттыл.

5Фæлæ дæумæ кæддæриддæр уæд уæззау
зонд, зынтæн у фæразон, адæммæ хæсс Фар-
ны Уац, кæронмæ бакæн дæ куыст.

6Мæн та рæхджы æрхастæуыдзæн ны-
вондæн, æмæ ацы дунейæ мæ ацæуыны
афон ралæууыд. 7Тох кодтон хъæбатырæй,
мæ фæндагыл ацыдтæн кæронмæ, мæ уыр-
ныдзинад бахъахъхъæдтон. 8Ныридæгæн
мын цæттæ у рæстгæнæджы хæрзиуæг,
æмæ мын æй уыцы бон ратдзæн Бардарæг,
æнæхæрам Тæрхонгæнæг. Æмæ æрмæст
мæнæн нæ, фæлæ йын Йе 'рцыдмæ чи-
дæриддæр зæрдиагæй æнхъæлмæ каст,
уыдонæн дæр.

9Цы гæнæн ис, уымæй мæ тагъд бабæрæг
кæн! 10Уымæн æмæ Димас ацы дуне фылдæр
бауарзта, ныууагъта мæ æмæ ацыди Фес-
салоникæмæ, Крискент та ацыд Галатимæ,
Тит — Далматимæ. Иунæг Лука ма ис мемæ.
11Маркы ракæн демæ, уымæн æмæ мæ уый
Хуыцауы куысты хъæугæ кæны. 12Тихикы
арвыстон Эфесмæ. 13Куы цæуай, уæд рахæсс,
Карпмæ Троадæйы кæй ныууагътон, уыцы
пæлæз, стæй чингуытæ, уæлдайдæр сæра-
кыл фыст чингуытæ.

14Бирæ фыдбылызтæ мын сарæзта æрхуы-
гуырд Александр. Бардарæг ын бафиддзæн
йæ хъуыддæгтæм гæсгæ. 15Ды дæр дзы дæхи
хъахъхъæн, уымæн æмæ тынг лæууыди, цы
дзырдтам, уый ныхмæ.

16Фыццаг хатт мæхи сраст кæныны тых-
хæй куы раныхас кодтон тæрхоны раз,
уæд мæ цуры ничи уыди, уымæн æмæ мæ
иууылдæр ныууагътой. Хуыцау сын æй
ныббарæд! 17Фæлæ мæм Бардарæг æрцыд
æмæ мæ сфидар кодта, цæмæй Фарны Уац
мæн уылты хъуыстгонд æрцæуа æххæс-
тæй æмæ йæ муртаттæгтæ се 'ппæт дæр
фехъусой. Афтæмæй мæ Уый фервæзын
кодта домбайы дзыхæй. 18Бардарæг мæ
бахиздзæн алы æвзæр хъуыддагæй æмæ
мæ фервæзын кæндзæн Йæ Уæларвон Пад-
дзахадæн. Кад Ын уæд æнусæй-æнустæм!
Аммен.

19Саламтæ ратт Прискиллæ æмæ Акилæ-
йæн, стæй Онисифоры хæдзаронтæн. 20Эраст
баззади Коринфы, Трофимы рынчынæй
ныууагътон Милеты. 21Бацархай æмæ, зы-
мæг цалынмæ нæ ралæууыд, уæдмæ æрцу.
Саламтæ дын æрвитынц Эввул, Пуд, Лин
æмæ Клавдиа, стæй æфсымæртæ иууылдæр.
22Бардарæг Йесо Чырысти демæ! Хуыцауы
хорзæх уæ уæд!

# Апостол Павелы фыстæг Титмæ

Тит уыдис Павелы æввахс æххуысгæнæг. Павел æй сæвæрдта Криты сакъадахы ног чырыстон æхсæнады разамонæгæй. Фыстæджы ис æртæ сæйраг темæйы:

1) цавæр хъуамæ уа чырыстон æхсæнады разамонæг;
2) куыд хъуамæ дарой сæхи, алыхуызон социалон къордтæм чи хауы, æхсæнады уыцы уæнгтæ;
3) куыд æмбæлы Йесо Чырыстийы тыххæй уацамынд кæнын.

---

**1** Павелæй, Хуыцауы цагъар æмæ Йесо Чы-
рыстийы апостолæй, нæ иумæйаг уырнын-
дзинады ме ’цæг фырт чи у, уыцы Титмæ.
Æз æрвыст дæн, цæмæй Хуыцауы æвзæрс-
тыты æрхонон уырнындзинадмæ, æцæгад
базонынмæ, Хуыцауы нымайынмæ 2æмæ
мыггагмæйы цардыл зæрдæ дарынмæ. Ахæм
цардæй суанг дуне сфæлдисыны размæ ныфс
бавæрдта, Йæ дзырд Чи нæ сайы, уыцы Ху-
ыцау, 3фæлæ Йæ зæрдæбавæрд Фарны Уа-
цы руаджы раргом кодта Йæхи нысангонд
æмгъуыды. Нæ Ирвæзынгæнæг Хуыцауы
фæдзæхстмæ гæсгæ мæнæн баргонд у уыцы
Фарны Уац адæммæ хæссын. 4Æз фыссын
Титмæ, нæ иумæйаг уырнындзинады фæрцы
мын æцæг хъæбул чи сси, уымæ.
Фарн æмæ дын хорзæх Фыд Хуыцауæй
æмæ нæ Ирвæзынгæнæг Йесо Чырыстийæ.
5Криты дæ уый тыххæй ныууагътон, цæ-
мæй куыст ахæццæ кæнай кæронмæ æмæ
алы сахары аргъуанæн дæр сæвæрай, æз
дын куыд бафæдзæхстон, ахæм хистæртæ:
6алчидæр сæ хъуамæ уа æнæфау, иу усы мой,
йæ сывæллæттæ уой уырнджытæ, хæлд æмæ
æгоммæгæсы дау сæм æрхæссæн куыд нæ
уа. 7Хуыцауы хæдзарæн уынаффæгæнæгæн
куыд æмбæлы, афтæ аргъуаны хистæр хъу-
амæ уа æнæфау, ма уа къæйных, мæстыгæр,
расыггæнаг, хылмондаг æмæ кæрæф. 8Уый
хъуамæ уа уазæгуарзон, хæрзгæнæг, хæ-
дæфсарм, раст адæймаг, Хуыцауыл æнувыд,
хиуылхæцгæ, 9цы æцæгады ныхасыл сахуыр,
ууыл — иузæрдион. Уæд йæ бон уыдзæн раст
ахуырадæй иннæты ныфс бауадзын, ных-
мæлæуджытæн бауайдзæф кæнын.
10Уымæн æмæ ис, æнæпайда ныхас чи
кæны æмæ адæмы чи фæливы, бирæ ахæм
хивæндтæ, уæлдайдæр сунæтгæндтæй.
11Ахæмтæн хъæуы сæ дзых сæхгæнын. Уы-
дон сæ мæнгахуырæдтæй æнæхъæн бинонты
саразынц рæдыд фæндагыл, æмæ сæ уыцы
æгады куыст арæзт у сæ дзыппытæ дзаг
кæнынмæ. 12Критæгтæн сæхицæй иу «пе-
хуымпар» афтæ загъта: «Критæгтæ рагæй-
æрæгмæ дæр сты фæлитойтæ, саузæрдæ
сырдтæ, зивæггæнаг фыдгуыбынтæ».
13Уыцы æвдисæйнаг раст у. Уымæ гæсгæ
сын бауайдзæф кæн карзæй, цæмæй раст
уырнындзинадыл хæцой 14æмæ ма хъусой
иудейаг аргъæуттæм æмæ æцæгад ныууа-
дзæг адæмы амындтытæм. 15Сыгъдæджытæн
æппæт дæр сыгъдæг у; чи фæчъизи ис, уыдо-
нæн æмæ æнæуырнджытæн та æппæт дæр у
чъизи, уымæн æмæ сæ зонд æмæ сæ цæсгом
фæчъизи сты. 16Уыдон дзурынц, Хуыцауы зо-
нæм, зæгъгæ, афтæмæй Йыл сæ митæй сæхи
тигъ кæнынц; сты цъаммар, хивæнд æмæ сæ
бон нæу иунæг хорз хъуыддаг саразын дæр.

**2** Ды та амон, раст ахуырад куыд домы,
афтæ. 2Зæронд лæгты ахуыр кæн, цæмæй
уой уæззау зонды хицау, уæздан, хæдæф-
сарм, раст уырнындзинадыл хæст, уарзæ-
гой, фæразон. 3Зæронд сылгоймæгтæн дæр
амон, сыгъдæджытæн куыд æмбæлы, афтæ
цæрын. Хъуамæ ма уой хахуыргæнджытæ,
карз нозтмæ æмхиц, хорз цы у, ууыл ахуыр
кæной иннæты, 4æрыгон сылгоймæгтæн
амоной зонд, цæмæй уарзой сæ лæгты æмæ
сæ хъæбулты, 5уой хæдæфсарм, æнæкъæм,
мæт кæной сæ бинонтыл, уой зæрдæхæлар,
сæ лæгтæн коммæгæс. Уæд Хуыцауы ныхас
рафауынæн æфсон нæ уыдзæн. 6Афтæ лæп-
путы дæр ахуыр кæн хиуыл хæцыныл. 7Алы
хъуыддаджы дæр дæхи æвдис фæзминагæй.
Аккаг хуызы амон æцæгад — мацы дзы аппар
æмæ йæм мацы бафтау. 8Дæ ныхас уæд раст,
йæ ныхмæ сдзурын куыд ничи фæраза, ных-
мæлæуæгæн махæй æвзæр зæгъын йæ бон
куыд нæ уа, уый сæм худинаг куыд æркæса.

9Цагъартæн фæдзæхс, цæмæй кæсой сæ
хицæутты коммæ, алы хъуыддаджы дæр
сын архайой сæ зæрдæ барухс кæныныл,
фæстæмæ сæм ма дзурой, 10сæ мулкæй сын
ма давой, кæддæриддæр сыл уой иузæрдион.
Уадз æмæ се 'ппæт царддæй кадджын кæной
нæ Ирвæзынгæнæг Хуыцауы ахуырад.
11Æппæт адæмы фервæзынæн раргом
Хуыцауы хорзæх 12æмæ мах ахуыр кæны
æнæхуыцау цард æмæ зæххон мондæгтæ
ныууадзыныл æмæ ацы дунейы хæдæф-
сармæй, рæстæй æмæ Хуыцауæн фæнди-
агæй цæрыныл. 13Уыцы хорзæхы руаджы
мах зæрдæдаргæйæ æнхъæлмæ кæсæм, не
стыр Хуыцау æмæ Ирвæзынгæнæг Йесо Чы-
рыстийы кад кæд раргом уыдзæн, уыцы
тæхудиаджы бонмæ. 14Чырысти нæ сæрап-
понд Йæхи æрхаста нывондæн, цæмæй нæ
фервæзын кæна алы тæригъæдæй дæр æмæ
Йæхицæн ссыгъдæг кæна, хорз хъуыддæг-
тæм чи тырндзæн, ахæм адæм.
15Æппæт уыдæттыл ахуыр кæн уырнджы-
ты, ныфс сæ уадз æмæ сын уайдзæф кæн бар-
джынæй, цæмæй дыл æнæвввæрсон мачи уа.

**3** Сæ зæрдыл сын лæууын кæн, цæмæй ком-
мæ кæсой хицæуттæ æмæ барджынтæн, алы
хорз хъуыддагмæ дæр уой цæттæ, 2макæй
фыдгой кæной, ма уой загъдгæнаг, фæлæ
алкæимæ дæр уой æвæлмас æмæ сæрныллæг.
3Мах нæхæдæг дæр кæддæр уыдыстæм
æнæмбаргæ, хивæнд, дзæгъæл адæм, чъизи
мондæгтæ æмæ алы ирхæфсæнты цагъартæ,
уыдыстæм фыдзæрдæ, хæлæггæнаг, цъам-
мар, кæрæдзийæ уыдтам не сæфт. 4Фæлæ нæ
Ирвæзынгæнæг Хуыцау хæрзаудæнгæнæг
æмæ адæмуарзаг кæй у, уый куы раргом,
5уæд нæ фервæзын кодта, хорз хъуыддæг-
тæ нæм цыма уыди, уый фæрцы нæ, фæлæ
Йæ хорзæхмæ гæсгæ — æхсад æрцыдыстæм
ног царддæттæг донæй æмæ Сыгъдæг Уды
фæрцы систæм ног адæм. 6Уыцы Удæй нын
нæ Ирвæзынгæнæг Йесо Чырыстийы руаджы
Хуыцау радта рæдауæй, 7Цæмæй Йæ хорзæ-
хы фæрцы сраст уæм æмæ нæ зæрдæ дарæм
Хуыцауæй мыггагмæйы цард райсыныл.
8Ацы ныхас æцæг у.
Мæн уый фæнды, æмæ адæмы æнувыдæй
ахуыр кæнай æппæт уыдæттыл, цæмæй,
Хуыцауыл чи бауувæндыд, уыдон сæхи зæр-
диагæй хъарой хорз хъуыддæгтæ аразыныл.
Уый хорз у, æмæ адæмæн уыдзæни пайда.
9Рагфыдæлты хæдзарвæндæгты тыххæй
æнæсæрфат ранымай-банымайæ, Моисейы
Æгъдауы фæдыл быцæутæй æмæ загъдæй
та дæхи хиз — дзæгъæлы æмæ æнæпайда
сты. 10Мæнгахуырадыл чи лæууы, уымæн
иу æмæ дыууæ хатты куы бамбарын кæнай
æмæ дын дæ ныхас куынæ райса, уæд дын
йемæ иумæйагæй мацыуал уæд. 11Æмæ зон,
ахæм адæймаг кæй фехæлд æмæ тæригъæды
кæй бафтыд æмæ уымæй йæхæдæг йæхицæн
тæрхон кæй рахаста, уый.
12Артем кæнæ дæм Тихикы куы арвитон,
уæд бацархай, цæмæй мæм Никополмæ æр-
цæуай. Уымæн æмæ зымæг уым арвитын
ис мæ зæрды. 13Тæрхоны закъæттæ хорз чи
зоны, уыцы Зенасæн, стæй Аполлосæн, дæ
бон цæмæй у, уымæй баххуыс кæн, хъуаг
куыд ницæмæй æййафой, афтæ. 14Уадз æмæ
мах уырнджытæ дæр сахуыр уой, æххуысы
сæр кæм хъæуы, уым æнувыдæй хорз хъуыд-
дæгтæ аразыныл, науæд сæ уырнындзинад
уыдзæн æнæпайда.
15Саламтæ дын æрвитынц, мемæ чи ис,
уыдон иууылдæр. Саламтæ ратт, мах чи
уарзы, уыцы уырнджытæн. Хуыцауы хорзæх
уе 'ппæты дæр уæд.

# Апостол Павелы фыстæг Филимонмæ

Ацы фыстæг Павел ныффыста, ахæстоны куы бадти, уæд. Ромы уæвгæйæ, Павел базонгæ ис, йæ хицауæй чи алыгъд, ахæм цагъайраг лæг Онисимимæ. Павелæй Фарны Уац фехъусгæйæ, Онисим бауæндыди Чырыстийыл. Павел æрцыд ахæм хъуыдымæ: Онисим хъуамæ аздæха йæ хицау Филимонмæ, кæд ын карз æфхæрдæй тæссаг у, уæддæр. Онисимы хицау Филимон уыдис чырыстон æмæ цардис Колоссы сахармæ хæстæг (нырыккон ныгуылæн Турк). Павел æй хорз зыдта.

Уымæ гæсгæ Павел куры Филимонæй, цæмæй Онисимæн ныххатыр кæна æмæ йæм кæса æмдин æфсымæры цæстæй; уый фæндыд Онисимы раздахын Роммæ, фæлæ уынаффæ хъуамæ Филимон йæхæдæг рахæсса. Ромы цагъарады закъæттæ Павел дзырддаг нæ кæны, фæлæ æвдисы, чырыстæттæн æфсымæрон уарзт уыцы æгъдæуттæй ахсджиагдæр кæй у, уый.

---

[1]Павелæй, Йесо Чырыстийы сæраппонд
ахæстæй, æмæ æфсымæр Тимофейæ — нæ
уарзон æмкусæг Филимонмæ, [2]нæ хо Ап-
фиамæ, не 'мтохгæнæг Архиппмæ æмæ, дæ
хæдзары цы аргъуан æмбырд кæны, уымæ.
[3]Хорзæх æмæ уын фарн нæ Фыд Хуыцауæй
æмæ Бардарæг Йесо Чырыстийæ.
[4]Æз æдзух бузныг фæзæгъын мæ Хуыца-
уæн, мæ куывды дæу дæр куы æрымысын,
уæд. [5]Уымæн æмæ æз хъусын, Бардарæг
Йесойыл куыд тынг æууæндыс, æппæт сыгъ-
дæджыты цы уарзтæй уарзыс, уый тыххæй.
[6]Æз кувын, цæмæй, немæ дын иумæйаг цы
уырнындзинад у, уый ахъаз уа, Чырыстийы
сæраппонд хорзæй саразын нæ бон цы у, уый
базонынæн.
[7]Дæ уарзт нын æрхаста стыр цин æмæ нæ
ныфс бауагъта, уымæн æмæ дæ фæрцы, ме
'фсымæр, срухс сты сыгъдæджыты зæрдæтæ.
[8]Уымæ гæсгæ мын кæд Чырысти бар дæт-
ты, дæуæй, цы саразын дын æмбæлы, уый
домын, [9]уæддæр дæм хуыздæрыл нымайын
æрхатын, уымæн æмæ дæ уарзын — æз, зæ-
ронд Павел, ныр та Йесо Чырыстийы сæрап-
понд — ахст лæг. [10]Курын дæ, ахæстоны куы
уыдтæн, уæд мæ хъæбулау чи сси, уыцы Они-
симы тыххæй. [11]Кæддæр дын уымæй пайда
нæ уыди, ныр та дæуæн дæр æмæ мæнæн
дæр пайда у. Æмæ дæм æй фæстæмæ æр-
витын, [12]раст дын цыма мæ зæрдæ дæттын,
афтæ. [13]Хъæвыдтæн æй мемæ ныууадзынмæ,
Фарны Уацы сæраппонд цалынмæ ахæс-
тоны дæн, уæдмæ мын дæ бæсты æххуыс
куыд кодтаид. [14]Фæлæ мæ де 'вастæй ницы
бакæнын бафæндыд, цæмæй дæ уыцы хорз
хъуыддаг æвæндонæй арæзт ма æрцæуа,
фæлæ — барвæндонæй. [15]Дæуæй цыбыр æм-
гъуыдмæ, чи зоны, уый тыххæй фæхицæн
ис, цæмæй йыл сæмбæлай æхсызгонæй æмæ
мыггагмæ уа демæ, [16]цагъар дын мауал уа,
фæлæ цагъарæй уæлдæр — уарзон æфсымæр.
Æз æй бирæ уарзын, фæлæ дæуæн та ноджы
зынаргъдæр суыдзæн — куыд адæймаг æмæ
Чырыстиимæ иудзинады фæрцы де 'фсымæр.
[17]Уæдæ кæд демæ иу хъуыддагыл кусæм,
уæд ыл баузæл, мæныл куыд баузæлис, афтæ.
[18]Кæд истæмæй дæ хъыджы бацыди кæнæ
дæ истæмæй хæсджын у, уæд æй нымай мæ
хæсыл. [19]Æз, Павел, мæхи къухæй фыссын:
бафиддзынæн дын æй. Дæхæдæг дæр хæс-
джын дæ мæ разы, фæлæ дын æз уыцы хæсы
кой нал кæнын. [20]Уæдæ, ме 'фсымæр, мæн
фæнды, Бардарæг Йесоимæ иу кæй стæм,
уый фæрцы дæуæй фæпайда кæнын; Чырыс-
тийы сæраппонд мын барухс кæн мæ зæрдæ.
[21]Æз дæм ныффыстон, кæй мæм байхъус-
дзынæ, ууыл фидарæй æууæндгæйæ. Цæй
тыххæй дын зæгъын, уымæй фылдæр кæй
сараздзынæ, æз уый зонын. [22]Уыимæ ма
мын уат дæр æрцæттæ кæн. Уымæн æмæ
мæ зæрдæ дарын, Хуыцау уын уæ куывд кæй
айсдзæн æмæ мын сымахимæ æрыздæхыны
фадат кæй балæвар кæндзæн.
[23]Саламтæ дын æрвитынц, Йесо Чырысти-
йы сæраппонд мемæ ахæстоны чи ис, уыцы

**1:11** *Онисим* – бердзенагау амоны «пайдайаг адæймаг».

Эпафрас, 24ме ’мкусджытæ Марк, Аристарх,
Димас æмæ Лука.

25Нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы хорзæх
уемæ уæд!

# Апостол Павелы фыстæг дзуттæгтæм

Ацы фыстæджы автор æппындæр йæхи тыххæй ницы зæгъы, уымæ гæсгæ рагæй-æрæгмæ дæр, чи у, уый фæдыл быцæутæ æмæ гуырысхотæ цæуы. Иутæ йын йæ авторыл нымайынц апостол Павелы, иннæтæ дзурынц, Павелы иннæ фыстæджытимæ абаргæйæ, йæ фыстыхъæд æндæрхуызон у, зæгъгæ.

Æниу, кæд автор Павел йæхæдæг нæу, уæддæр æй ныффыстаид Павелмæ хæстæглæуд адæмæй исчи, зæгъæм, Варнавæ кæнæ Аполлос.

Ацы вазыгджын хуыцаузонæн чиныг фыст æрцыдис, дзуттаг адæмæй чырыстон дин чи райста, уыдонæн. Бæлвырд бæрæг нæу, кæмæ йæ ныффыстæуыд, уыцы æхсæнад Ромы, Йерусалимы, Александрийы æви æндæр сахары уыдис, уый. Авторы сæйраг нысан у, комкоммæ Йесо Чырыстийы фæзындимæ баст дзуттаг адæмы æнхъæлцтæ æмæ Рагон Фæдзæхсты рагуацтæ кæй сæххæст сты, уый банысан кæнын. Йесо хуымæтæджы пехуымпар кæнæ лæггадгæнæг нæу, фæлæ у Хуыцауы æцæг Фырт, Йæхи буар æнæкъæм нывондæн æрхæссæг сауджын. Уыцы нывондæрхаст мыггагмæ тæригъæдæй ссыгъдæг кодта, чи Йыл бауууæндыди, уыдоны. Уымæ гæсгæ дзуттаг чырыстæттæ, æфхæрд æйййафгæйæ дæр, хъуамæ сæ къух ма исой Чырыстийыл.

Ацы фыстæджы æцæг фидауц у уырнындзинадыл дзурæг 11-æм сæр. Уырнындзинад иугай идейæты айст æмæ æгъдæуттæ æххæст кæнынил нæу, уырнындзинад у Хуыцауæн лæггад кæнынæн æххæстæй лæвæрд цард æмæ Йыл иудадзыг æууæнк. Уыцы хъуыды автор æвдисы, Рагон Фæдзæхсты хъайтартæй бирæты æрымысгæйæ. Уыдон уыдысты, уырнындзинады сæраппонд бынтон æххæстæй фесгуыхын Кæмæн бантыст, Уыцы Йесо Чырыстийæн Йæ разæй цæуæг адæймæгтæ.

---

**1** Хуыцау рагзамантæй фæстæмæ пеху-
ымпарты уылты бирæ хæттыты æмæ алы
хуызты дзырдта нæ фыдæлтимæ. 2 Абон та,
рæстæджыты кæрон, Уый немæ дзырдта Йæ
Фырты уылты, æппæтæн дæр бындар Кæй
скодта æмæ дун-дуне Кæй фæрцы сфæлдыс-
та. 3 Фырт у Хуыцауы кады тæмæн; Фырт у
Фыды халдих. Фыртæн æппæтыл дæр Йæ
бон цæуы Йæ хъомысджын дзырдæй. Нæ
тæригъæдтæй нæ ссыгъдæг кæнгæйæ, Уый
цытджын бæрзæндты æрбадти Дунедарæ-
джы рахизфарс 4 æмæ, Йæхæдæг зæдтæй
бирæ уæлдæр куыд у, афтæ Йæ Фыдæй лæ-
вæрд ном дæр уыдоны нæмттæй бирæ кад-
джындæр сси.
5 Хуыцау зæдтæй афтæ кæд кæмæн загъта:
«Ды Мæ Фырт дæ,
Ды Мын абон райгуырдтæ»?
Кæнæ:
«Æз Уымæн уыдзынæн Фыд,
Уый та Мын уыдзæни Фырт»?
6 Йæ иунæг Фырты дунемæ хонгæйæ, Ху-
ыцау загъта:
«Бакувæнт Ын
Хуыцауы зæдтæ се ’ппæт дæр».
7 Зæдты тыххæй фыст ис:
«Йæ зæдты Уый скæны дымгæтау,
Йæ лæггадгæнджыты — зынг æмæ
артау».
8 Фырты тыххæй та:
«Хуыцау, Дæ паддзахы бадæн у
æнусон.
Дæ Паддзахады лæдзæг —
рæстдзинады лæдзæг.
9 Ды бауарзтай рæстдзинад,
фыддзинад Дын æнæуынон у.
Уымæ гæсгæ Дæу Хуыцау, Дæ Хуыцау,
Демæ чи ис, уыдонæй уæлдай,
цин дæттæг сойæ байсæрста».
10 Æмæ ма ноджы:
«Раздæр уал Ды, Бардарæг,
зæххæн æрæвæрдтай бындур,
Дæ къухæй конд у арв дæр.
11 Уыдонæн æрцæудзæни кæрон,
Ды та уыдзынæ мыггагмæ.
Уыдон алæзæрдзысты пæлæзау,
12 Стухдзынæ сæ æмæ сæ раивдзынæ
дарæсау.

Ды та æнæивгæ уыдзынæ,
æмæ Дæ бонтæ никуы фæуыдзысты».
13 Хуыцау Йæ зæдтæй афтæ кæд кæмæн
загъта:
«Сбад Мæ рахизфарс,
æмæ Дын Æз Де знæгты
Дæ къæхты бын æрæвæрдзынæн?»
14 Ау, зæдтæ иууылдæр цумагæнæн монтæ
не сты, æмæ сæ Хуыцау, чи хъуамæ фервæза,
уыдонæн балæггад кæнынмæ не 'рвиты?

# 2

Уæдæ, цы фехъуыстам, уымæ хъуамæ
уæлдай æргом здахæм, цæмæй ма фæдзæ-
гъæл уæм. 2 Уымæн æмæ, зæдты уылты цы
уац фæхæццæ ис, уым кæд уый бæрц хъару
уыди, æмæ-иу Æгъдау фехалын æмæ коммæ
нæ бакæсыны тыххæй адæймаг алкæддæр
аккаг æфхæрд бааййæфта, 3 уæд мах куыд
баззайдзыстæм æнæфхæрдæй, уыцы стыр
ирвæзындзинад куы ницæмæ дарæм, уæд?
Ирвæзындзинады кой фыццаг Дунедарæ-
гæй рацыди, уый фæстæ та, Уымæй йæ
чи фехъуыста, уыдон æй махæн бæлвырд
радзырдтой. 4 Уыцы уац æцæг кæй у, уый
Хуыцау Йæхæдæг сбæлвырд кодта æвдисæй-
нæгтæй, Йæ хъомысыл дзурæг алыхуызон
хъуыддæгтæй, Сыгъдæг Уд цы курдиæттæ
дætты æмæ Йæхи фæндонмæ гæсгæ кæй
бахай кодта, уыдонæй.
5 Цы фидæны дун-дунейы кой кæнæм, уый
Хуыцау зæдты дæлбар нæ бакодта. 6 Афтæ
кæй у, уый тыххæй чидæр Сыгъдæг Фысты
æргом куы загъта:
«Цы у адæймаг,
æмæ Дæ зæрдыл лæууа?
Кæнæ цы у адæймаджы фырт,
æмæ йыл Ды мæт кæнай?
7 Ды йæ зæдтæй
бирæ дæлдæр нæ сæвæрдтай,
кад æмæ йын цыт радтай,
8 æппæт дæр ын йæ къæхты бын
æрæвæрдтай».
Æппæт дæр адæймаджы дæлбар куы ба-
кодтай, уæд ницы ныууагътай, йæ бар цæуыл
нæ цыди, ахæмæй. Ныртæккæ та нырма нæ-
ма уынæм, æппæт дæр йæ дæлбар кæй у, уый.
9 Фæлæ уынæм, æрмæст цыбыр рæстæгмæ
зæдтæй дæлдæр æвæрд кæй æрцыди Йесо,
уый фæстæ та кад æмæ намысæй схайджын
ис. Хуыцау мах Йе стыр хорзæхы аккаг кæй
скодта, уымæ гæсгæ Уый махæй алкæй сæ-
раппонд дæр мæлæт бавзæрста.
10 Уымæн æмæ Хуыцау, æппæт дæр Кæмæн
у æмæ æппæт дæр Кæмæй рацыд, Йæ хъæ-
бултæй бирæтæм Йæ кады Чи раргом вæййы,
Уый хъуамæ алцæмæй дæр скодтаид æххæст
сæ ирвæзындзинады Фæтæджы, хъизæ-
мæрттæ Йын бавзарын кæнгæйæ. 11 Уымæн
æмæ Сыгъдæггæнæг дæр, стæй, чи ссыгъдæг,
уыдон дæр иунæг Хуыцауæй сты. Уымæн нæ
нымайы Чырысти Йæхицæн æгадыл уыдоны
Йе 'фсымæртæ хонын. 12 Уый загъы:
«Дæ ном фехъусын кæндзынæн Ме
'фсымæртæн,
Дæуæй æппæлдзынæн се 'мбырды».
13 Æмæ ноджыдæр:
«Æз Ыл Мæ зæрдæ дардзынæн».
Æмæ ноджыдæр:
Мæнæ Æз Мæхæдæг æмæ,
«Хуыцау Мын кæй радта, уыцы
хъæбултæ».
14 Æмæ, хъæбултæ буар æмæ тугæй конд
кæй сты, уымæ гæсгæ Чырысти дæр сси уы-
доны халдих, цæмæй Йæ мæлæты фæрцы
мæлæты æлдары — хæйрæджы — æнæхай
фæкæна йæ хъаруйæ 15 æмæ ссæрибар кæ-
на, мæлæты тасæй цæргæбонты цагъар чи
уыди, уыдоны. 16 Кæй зæгъын æй хъæуы,
Уый райста зæдты æрдзыхъæд нæ, фæлæ
Авраамы байзæддаджы æрдзыхъæд. 17 Йесо
алцæмæй дæр хъуамæ уыдаид Йе 'фсымæрты
хуызæн, цæмæй Хуыцауы раз суа уарзæгой
æмæ иузæрдион Алчер æмæ, цæмæй адæмы
тæригъæдтæ барст æрцæуой, уый тыххæй
Йæхи нывондæн æрхæсса. 18 Æмæ, Йæхæдæг
фыдæвзарæнты кæй бахауд, уымæ гæсгæ
Йæ бон у, фæлварæнты чи бахауы, уыдонæн
баххуыс кæнын.

# 3

Уæдæ, Уæларвæй кæмæ фæсидтысты,
мæ уыцы сыгъдæг æфсымæртæ, уæ зæрдæ
саразут Хуыцауы Минæвармæ, нæ уырнын-
дзинады Алчер Йесомæ. 2 Моисей Хуыцауы
æгас хæдзарыл куыд æнувыд уыд, афтæ Йесо
дæр æнувыд у, Алчерæй Йæ Чи сæвæрдта,
Ууыл. 3 Фæлæ хæдзар саразæг хæдзарæй кад-
джындæр куыд у, афтæ Йесо дæр Моисейæ
стырдæр цыты аккаг у. 4 Уымæн æмæ алы
хæдзар дæр чидæр саразы, фæлæ Хуыцау
та æппæты аразæг у. 5 Моисей æнувыд уыди
Хуыцауы æгас хæдзарыл, фæлæ — лæггад-
гæнæгау: цæмæй æвдисæн уа, фидæны цы
загъд уыдзæн, уымæн. 6 Чырысти та Фыртау
æнувыд у. Æвæрд æрцыди Хуыцауы хæдзары
сæргъы, уыцы хæдзар та мах стæм, ныфс-
джын куы уæм æмæ, цы ныфсæй æппæлæм,
ууыл кæронмæ фидарæй нæ зæрдæ куы
дарæм, уæд.
7 Уымæ гæсгæ афтæ зæгъы Сыгъдæг Уд:
«Абон Хуыцауы хъæлæс куы фехъусат,

8 уæд уæ зæрдæтæ ма ныддур кæнут уæ
фыдæлтау, —
уыдон æдзæрæг бæсты Йæ ныхмæ
куыд сыстадысты
æмæ Йæ куыд фæлвæрдтой, уыйау.
9 Фæлвæрдтой Мæ уым уæ фыдæлтæ,
фæлтæрдтой Мæ,
кæд Мын дыууиссæдз азы дæргъы
Мæ хъуыддæгтæ уыдтой, уæддæр.
10 Уымæн смæсты дæн Æз
уыцы фæлтæрмæ æмæ загътон:
„Сæ зæрдæтæ æдзух адзæгъæл
вæййынц,
нæ базыдтой Мæ фæндæгтæ“.
11 Æмæ Мæ мæстæй расомы кодтон:
„Ме ’нцойадмæ никуы бацæудзысты
уыдон“».
12 Уæдæ кæсут уæхимæ, æфсымæртæ, ахæм
æвзæр æмæ æнæуууæнк зæрдæ уæ макæмæн
разынæд, æмæ Цардæгас Хуыцауы ныууадза.
13 Фæлæ цалынмæ «абон» дзурæн ис, уæдмæ
æрвылбон ныфс дæттут кæрæдзийæн, цæ-
мæй уæ йæ фæдыл тæригъæд макæй асайа
æмæ уæ йæ зæрдæ макæмæн ныддур уа.
14 Уымæн æмæ мах Чырыстийæн æмкусджы-
тæ стæм, райдианы нæм цы уырнындзинад
уыди, ууыл фидарæй кæронмæ куы хæцæм,
уæд. 15 Сыгъдæг Фыст дæр афтæ зæгъы:
«Абон, Хуыцауы хъæлæс куы
фехъусат,
уæд, Йæ ныхмæ цы заман сыстадыс-
тут, уæдау
уæ зæрдæтæ ма ныддур кæнут».
16 Уымæн æмæ, Хуыцауы хъæлæс чи фе-
хъуыста, уыдонæй чидæртæ Йæ ныхмæ сыс-
тадысты. Моисей Мысырæй кæй ракодта,
уыдон нæ уыдысты, мыййаг? 17 Дыууиссæдз
азы дæргъы Хуыцауы маст кæмæ фыхти?
Тæригъæдджын чи фæци æмæ йе стджы-
тæ æдзæрæг быдыры кæмæн баззадысты,
уыдонмæ Йын нæ фыхти, æви? 18 Æнæсæт-
тонтæй дарддæр кæмæн расомы кодта Ху-
ыцау, Мæ æнцойадмæ никуы бацæудзыстут,
зæгъгæ? 19 Нæхæдæг æй уынæм: хивæнд кæй
уыдысты, æцæгдæр сын уый тыххæй нæ
бантыст уырдæм бацæуын.

**4** Уæдæ, Хуыцауы æнцойадмæ бацæуыны
зæрдæвæрд цалынмæ йæ тыхы ис, уæдмæ
нæм тас уæд уыцы æнцойадæй æнæхай фæ-
уынæй. 2 Уымæн æмæ, Фарны Уац уыдон ку-
ыд фехъуыстой, мах дæр æй афтæ фехъуыс-
там. Фæлæ сын, цы ныхас фехъуыстой, уый
пайда не ’рхаста, уымæн æмæ йыл нæ бау-
уæндыдысты. 3 Мах та йыл бауууæндыдыстæм
æмæ уымæн цæуæм уыцы æнцойадмæ, Ху-
ыцау афтæ кæмæй загъта:
«Æз Мæ мæстæй расомы кодтон:
уыдон Ме ’нцойадмæ
никуы бацæудзысты».
Хуыцау, дуне куы сфæлдыста, уæд арæзт
фæци Йе ’ппæт хъуыддæгтæ.
4 Уымæн æмæ æвдæм боны тыххæй иу ран
афтæ загъд ис: «Æмæ æвдæм бон Хуыцау
æрæнцад Йе ’ппæт хъуыддæгтæй».
5 Уыимæ ма ноджыдæр загъд ис: «Уыдон Ме
’нцойадмæ никуы бацæудзысты». 6 Чидæртæ
та йæм нырма бацæуинаг сты. Фарны Уац
раздæр чи фехъуыста, уыдон æм сæ хивæн-
ды аххосæй нæ бацыдысты. 7 Уымæ гæсгæ
та Хуыцау снысан кодта ног афон — «абон».
Уый тыххæй бирæ рæстæджы фæстæ загъта
Давиды уылты, уæлдæр кæй æрхастæуыд,
уыцы ныхæстæ:
«Абон Хуыцауы хъæлæс куы фехъусат,
уæд уæ зæрдæтæ ма ныддур кæнут».
8 Нуны фырт Йешуа сын æнцой куы рад-
таид, уæд уый фæстæ æндæр боны тыххæй
дзырд нал цыдаид. 9 Уæдæ Хуыцауы адæмæн
сæ фæлладуадзæн сабат нырма æрцæуинаг
у. 10 Хуыцауы æнцойадмæ чи бацыди, уый
йæхæдæг дæр æрæнцади йæ хъуыддæгтæй,
Хуыцау Йæ хъуыддæгтæй куыд æрæнцад,
афтæ. 11 Уæдæ бацархайæм уыцы æнцойадмæ
бацæуыныл, цæмæй мачи бафæзма хивæнд-
ты æмæ сæ уыдоны хъысмæт ма баййафа.
12 Уымæн æмæ Хуыцауы ныхас цардæгас
æмæ хъомысджын у, цавæрфæнды дыкомыг
æхсаргардæй цыргъдæр: уый бахизы, уд æмæ
моны астæу цы арæн ис, уымæ, стджыты
магъз æмæ æрхæджытæм бахæццæ вæййы,
тæрхон кæны сусæг фæндтæ æмæ хъуыды-
тæн. 13 Уымæн сусæг ницы ис дунесфæлдыс-
ты. Мадард бæгънæгау гом у алцы Йæ цæсты
раз, дзуапп Кæмæн дæтдзыстæм, Уымæн.
14 Махæн ис, уæлæрвтæй уæлдæр Чи ссы-
ди, уыцы стыр Алчер Йесо, Хуыцауы Фырт,
æмæ мах хъуамæ фидар хæцæм, æргомæй
кæуыл æууæндæм, уыцы æцæгдзинадыл.
15 Нæ Алчер ахæм нæу, нæ лæмæгъдзинæд-
тæ нын Чи нæ бамбара, уымæн æмæ Уымæн
дæр махау æвзæрст сты æппæт фæлварæнтæ,
тæригъæд йеддæмæ. 16 Уымæ гæсгæ ныфс-
джынæй балæууæм, хорзæх кæцæй цæуы,
Хуыцауы уыцы бадæны раз, цæмæй нын
хатыр уа æмæ бахъуаджы сахат æххуысы
хорзæх райсæм.

**5** Уымæн æмæ алы алчер дæр адæмы ’хсæ-
нæй æвзæрст æрцæуы, адæмы тыххæй йæ

сæвæрдæуы Хуыцауæн кусæгæй, цæмæй
Йын Йæ размæ хуынтæ æмæ тæригъæды
нывæндтæ хæсса. 2Уымæн йæ бон у æнæм-
баргæты дæр æмæ фæдзæгъæлуæвджыты
дæр бамбарын, уымæн æмæ йæхæдæг дæр
лæмæгъ у. 3Уымæ гæсгæ уый хъуамæ йæхи
тыххæй дæр хæсса тæригъæды нывæндтæ
æмæ адæмы тыххæй дæр. 4Ахæм кады аккаг
йæхи фæндонмæ гæсгæ ничи суыдзæн —
Хуыцау æй хъуамæ сæвзара, йæ рæстæджы
Аароны куыд сæвзæрста, афтæ.
5Чырысти дæр, Алчер суæвгæйæ, Йæхæ-
дæг Йæхи не скадджын кодта, фæлæ Йын
афтæ Чи загъта:

«Ды Мæ Фырт дæ,
Ды Мын абон райгуырдтæ»,

Уый Йын кад радта. 6Æндæр ран дæр ма
куыд загъд у, афтæ:

«Ды Мелхиседекы хуызæн Алчер дæ
мыггагмæ».

7Йæ зæххон буары ма куы уыди, уæд дзы-
назгæйæ æмæ цæссыг калгæйæ куывта æмæ
куырдта, мæлæтæй Йæ фервæзын кæнын
Кæй бон уыди, уыцы Хуыцауæй, æмæ Йæ
Уый фехъуыста, аргъуыц Ын кæй кодта, уый
тыххæй. 8Кæд Хуыцауы Фырт уыди, уæддæр
хъизæмæртты фæрцы сахуыр ис коммæгæс
уæвын. 9Алцæмæй дæр сси æххæст, æмæ Йе
'ппæт коммæгæстæн фестад мыггагмæйы
ирвæзындзинады гуырæн. 10Хуыцау Æй Йæ-
хæдæг схуыдта Мелхиседекы хуызæн алчер.
11Уый тыххæй ма ноджы фылдæр радзу-
риккам, фæлæ йæ сымахæн бамбарын кæ-
нын зын у, уымæн æмæ хъусынхъом нал
стут. 12Цас рæстæг рацыди, уымæ гæсгæ ныр
уæхицæн æмбæлы ахуыргæнджытæ уæвын,
сымах та нырма ахуыргæнджыты сæр хъæуы,
цæмæй уын амоной Хуыцауы дзырды абетæ.
Хъæбæр хойраг нæ, фæлæ та æхсыр хъуамæ
суа ногæй уæ хæринаг. 13Æхсырæй чи цæры,
уый растæн ницы æмбары, уымæн æмæ
нырма дзидзидай у. 14Хъæбæр хойраг, йæ
фæлтæрддзинады фæрцы хорз æмæ æвзæр
кæрæдзийæ иртасынмæ чи арæхсы, уыцы
хъомылты у.

**6** Уæдæ ныууадзæм Чырыстийы ахуыра-
ды абетæ æмæ не 'ргом аздахæм, хъомыл
адæймагæн цы æмбæлы, уымæ. Ма бав-
налæм ногæй бындур æвæрынмæ — мауал
ахуыр кæнæм мæлæтхæссæг хъуыддæгтыл
æрфæсмон кæныныл æмæ Хуыцауыл æу-
уæндиныл, 2алыхуызон аргъуыдтыл, къух-
тæ æрæвæрыныл, мæрдты райгасыл æмæ
мыггагмæйы тæрхоныл. 3Хуыцау фадат куы
ратта, уæд нæ къухы бафтдзæни дарддæр
ацæуын. 4Уымæн æмæ, иу хатт рухс кæй
зæрдæйы ссыгъдæуыд, уæларвон хорзæ-
хы ад чи базыдта æмæ Сыгъдæг Удæй чи
схайджын, 5Хуыцауы ныхас куыд арфæйаг
у, уый чи бамбæрста, фидæны дунейы тых
чи банкъардта 6æмæ уый фæстæ йæ уыр-
ныхдзинад чи ныууагъта, уыдонæн дыккаг
хатт фæсмонмæ æркæнæн нал ис, уымæн
æмæ уыдон Хуыцауы Фырты ногæй сæ зæр-
дæты байтындзынц дзуарыл æмæ Йæ æгад
кæнынц. 7Арæх къæвда кæй æфсады æмæ,
чи йæ кусы, уымæн тыллæг цы зæхх дæтты,
уый арфæгонд вæййы Хуыцауæй; 8«сындз
æмæ хæмпæлгæрдæг» йеддæмæ кæм ницы
зайы, уыцы зæхх та ницæмæн бæззы. Æл-
гъыстаг фæвæййы, æмæ йæ æппынфæстаг
арты хай бакæнынц.
9Æниу, кæд дзургæ афтæ кæнæм, мæ уар-
зон хæлæрттæ, уæддæр æууæндæм, сымах
хуыздæр уавæры кæй стут æмæ ирвæзын-
дзинады фæндагыл кæй цæут, ууыл. 10Уы-
мæн æмæ Хуыцау раст у, æмæ Дзы нæ ферох
уыдзысты уæ хъуыддæгтæ дæр æмæ, сыгъ-
дæджытæн цы лæггад бакодтат æмæ кæнут,
уыцы лæггадæй Йæм цы уарзондзинад рав-
дыстат, уый дæр. 11Мах бæллæм, цæмæй уæ
алчидæр кæронмæ баззайа ахæм æнувыдæй
æмæ æххæстæй райса, йæ зæрдæ цæуыл да-
ры, уый. 12Зивæг уыл ма фæтых уæд, фæлæ
фæзмут, уырнындзинад æмæ бирæбыхсты
руаджы, Хуыцау зæрдæ цæмæй бавæры, уый
исбонæн чи райсы, уыдоны.
13Хуыцау Авраамæн зæрдæ куы бавæрдта,
уæд ын, Йæхицæй сомы ракодта, уымæн
æмæ Йæхицæй уæлдæр кæмæй расомы код-
таид, ахæм нæ уыди. 14Загъта: «Æз дын æцæ-
гæй раарфæ кæндзынæн, æмæ дæ байзæддаг
æнæнымæц уыдзæни». 15Æмæ бафæрæзта
Авраам бирæ рæстæг æнхъæлмæ кæсын,
Хуыцау ын зæрдæ цæмæй бавæрдта, уымæ
æмæ йæ æппынфæстаг райста. 16Адæм со-
мы кæнынц сæхицæй уæлдæрæй, æмæ, сæ
ныхас раст кæй у, уымæн æвдисæн вæййы
сæ уыцы сомы, æмæ уæд алы быцæуæн дæр
æрцæуы кæрон. 17Афтæ Хуыцау дæр Йæ зæр-
дæбавæрд сфидар кодта сомыйæ; зæрдæ сын
цæмæй бавæрдта, уый чи хъуамæ райстаид,
уыдонæн Йæ сомыйæ бæлвырд равдыста, Йæ
фæндон кæй никуы аивдзæн, уый. 18Хуыца-
уы зæрдæбавæрд æмæ сомы æнæивгæ кæй
сты, уыдонæн мæнг уæвæн кæй нæй, уый
махæн дæтты стыр ныфс, æмæ мах, Хуыца-
уы дæлбазыр æмбæхсæн ссарджытæ, фидар
хæцæм, цы зæрдæдарæн нæм æнхъæлмæ

кæсы, ууыл. 19Уый махæн науæнгуырау у
ædас æмæ фидар æмæ кæны Рухсмонуаты
рæбинаг хаймæ — фæсæмбæрзæнмæ, 20Мел-
хиседекы хуызæн Алчер мыггагмæ Чи сси,
уыцы Йесо нæ сæраппонд фæндагамонæгæй
кæдæм бацыди, уырдæм.

**7** «Мелхиседек уыди Салимы паддзах, Иу-
уылбæрзонд Хуыцауы сауджын. Паддзæхты
ныддæрæн кæныны фæстæ Авраам куы æр-
бацæйздæхт, уæд Мелхиседек йæ размæ ра-
цыд æмæ йын арфæ ракодта. 2Цыдæриддæр
æм уыдис, уымæй йын Авраам дæсæймаг
хай рахицæн кодта». Йæ ном «Мелхиседек»
амоны «Рæстады паддзах»; уый у Салимы
паддзах, ома «Фарны паддзах». 3Мелхисе-
декæн нæй фыд, мад, фыдæлтæ, йæ цардæн
нæй райдайæн æмæ кæрон. Хуыцауы Фырты
хуызæн уæвгæйæ, уый у алчер мыггагмæ.
4Уынут, нæ рагфыдæл Авраам паддзæхтæй
цы байста, уыдонæн сæ хуыздæр дæсæй-
маг хай кæмæн радта, уый куыд цытджын
у! 5Сауджынтæ чи свæййы, Левийы уыцы
байзæддагæн Æгъдаумæ гæсгæ ис адæмæй,
ома се 'фсымæртæй, дæсæймаг хай æмбырд
кæныны бар, кæд се 'фсымæртæ дæр Авра-
амы байзæддаг сты, уæддæр. 6Мелхиседек
та Левийы хæдзарвæндагæй нæ уыди, фæлæ
райста дæсæймаг хай Авраамæй — Хуыцау
зæрдæ кæмæн бавæрдта, уымæй — æмæ йыл
арфæ бафтыдта. 7Хуыцауы арфæ кæуыл баф-
тыдæуы, уымæй арфæгæнæг уæлдæр кæй у,
уый та гуырысхойаг никæмæн у. 8Уыимæ,
дæсæймаг хай чи исы, Левийы уыцы бай-
зæддæгтæ æнæмæлгæ не сты, Мелхиседекы
тыххæй та Сыгъдæг Фыст зæгъы, удæгас у,
зæгъгæ. 9Ис афтæ зæгъæн дæр: Авраам дæ-
сæймаг хай Мелхиседекæн куы радта, уæд
ма йын æй уыимæ радта, дæсæймаг хай
Израилы кæй байзæддæгтæ исынц, уыцы
Левий дæр. 10Уымæн æмæ, Мелхиседек Ав-
раамы размæ куы рацыд, уæд Левий кæд
гуырд нæма уыд, уæддæр ныридæгæн йæ
фыдæлы туджы уыд.
11Сауджынты — Левийы байзæддæгты —
лæггад адæмæн лæвæрд уыдис Æгъдауы
бындурыл. Æмæ алцыдæр уыдоны фæрцы
куы сæнаипп уыдаид, уæд ма æндæр сау-
джын цæмæн хъуыд, Аароны хуызæн нæ,
фæлæ Мелхиседекы хуызæн Алчер у, зæгъгæ,
Кæй тыххæй загъд у, ахæм? 12Сауджынты
лæггад æндæрæй куы баивдæуа, уæд Æгъдау
дæр хъуамæ æнæмæнг баивдæуа. 13Æппæт
уыдæттæ Кæй тыххæй загъд сты, Уый, нæ
Бардарæг, æндæр хæдзарвæндагæй у — уыцы
хæдзарвæндагæй нывондхæссæны цур ничи
лæггад кодта. 14Нæ Бардарæг хурау Иудæйы
хæдзарвæндагæй кæй скасти, уый бæлвырд
у. Уыцы хæдзарвæндагæй сауджынтæ кæй
уыдзæни, уый тыххæй Моисей ницы загъта.
15Фæлæ ивддзинад ноджы фæбæлвырддæр,
Мелхиседекы хуызæн æндæр Алчер куы
æрцыд, уæд. 16Æмæ Уый Алчер сси, бæл-
вырд хæдзарвæндагæй рацæуын чи домдта,
уыцы Æгъдаумæ гæсгæ нæ, фæлæ æнæфæу-
гæ царды хъомысæй. 17Уый тыххæй зæгъы
Сыгъдæг Фыст:

«Ды Мелхиседекы хуызæн
Алчер дæ мыггагмæ».

18Раздæры фæдзæхст та аивдæуы, ædых
æмæ æнæпайда кæй свæййы, уымæ гæсгæ.
19Уымæн æмæ Æгъдау алцæмæй дæр æна-
ипп ницы скодта. Ныр та лæвæрд æрцыди,
Хуыцаумæ кæй фæрцы хæстæгдæр кæнæм,
ахæм хуыздæр зæрдæдарæн.
20Уыцы фидыд сомыйæ фидаргонд æрцыд.
21Иннæтæ æнæ сомыйæ систы алчертæ, Уый
та — Хуыцауы сомыимæ:

«Расомы кодта Хуыцау
æмæ Йæ уынаффæ нæ аивдзæн:
Ды Алчер дæ мыггагмæ».

22Афтæмæй Йесо сси хуыздæр Фидыдæн йæ
цæджындз. 23Стæй иннæ алчертæ бирæ уы-
дысты, уымæн æмæ дзы мæлæт никæмæн лæ-
вæрдта мыггагмæ алчерæй баззайыны фадат.
24Йесо та, мыггагмæ кæй цæры, уымæ гæсгæ
мыггагмæ у Алчер. 25Æмæ, Йæ фæрцы Хуы-
цаумæ чи æрцæуы, уыдоны бынтон фервæзын
кæнын Йæ бон у, уымæн æмæ мыггагмæ ægac
у, цæмæй Хуыцауæй кура уыдоны тыххæй.
26Растдæр нын ахæм Алчер хъуамæ уы-
даид: сыгъдæг, фыдбылызмæ æнæмхиц,
æнаипп, тæригъæдджынтæй хицæн æмæ
уæлæрвтæй уæлдæр ссæуæг. 27Уый иннæ
алчерты хуызæн нæу: æрвылбон Æй раздæр
Йæхи тæригъæдты, уый фæстæ та адæмы
тæригъæдты тыххæй нывæндтæ хæссыны
сæр нæ хъæуы. Йесо уый бакодта иу хатт
æмæ мыггагмæ, Йæхи нывондæн куы æр-
хаста, уæд. 28Уымæн æмæ Æгъдау алчертæй
æвæры хуымæтæг æмæ, лæмæгъдзинæдтæ
кæмæ ис, ахæм адæймæгты; Æгъдау ратты-
ны фæстæ Хуыцау цы сомы ракодта, уымæ
гæсгæ та Алчерæй сæвæрдæуыд, мыггагмæ
алцæмæй дæр æххæст Чи у, уыцы Фырты.

**6:19** Рухсмонуат – Уаз Цæрæны рæбинаг хай Моисейы заман. Уым уыдысты: Фидыды Чырын; Хуыцау Æгъдау цы къæйдуртыл фыст уыди, уыдон; Аароны лæдзæг – дидинæг чи ракалдта уый, стæй мигæнæн маннæимæ. Уаз Цæрæн та иумæйагæй у уæларвон Кувæндоны зæххон фæлгонц.

**8** Нæ ныхасы сæр та мæнæ уый у: махæн
ис, Дунедарæджы рахизфарс Чи æрбадтис
уæлæрвты, ахæм Алчер. 2Уый лæггад кæ-
ны æцæг Кувæндоны — адæймаг нæ, фæлæ,
Хуыцау кæй сарæзта, уыцы Уаз Цæрæны.
3Алы алчеры дæр сæвæрдæуы хуынтæ ску-
вын æмæ нывæндтæ æрхæссынæн. Уымæ
гæсгæ мах Алчермæ дæр хъуамæ уыдаид,
нывондæн цы æрхастаид, уый. 4Уыцы Алчер
ныртæккæ зæххыл ис, зæгъгæ, уæд уый сау-
джын нæ уаид. Уымæн æмæ ам ис, Æгъдаумæ
гæсгæ нывæндтæ чи хæссы, ахæм сауджын-
тæ. 5Уыдон лæггад кæнынц, уæларвы цы ис,
уымæн æрмæстдæр йæ фæлгонц æмæ йæ
ауун чи у, уыцы Уаз Цæрæны — Моисей
Цатыр аразынмæ куы бавнæлдта, уæд ын
Хуыцау куыд загъта, афтæ: «Хъусыс, хохыл
дын кæй равдыстæуыд, уый халдих куыд уа,
æппæт дæр афтæ сараз». 6Фæлæ Йесойæн цы
лæггад уыди Йæ бар, уый уыдоны лæггадæй
уæлдæр у, уымæн æмæ Йесо хуыздæр Фиды-
ды Æхсæнылæг у — уыцы Фидыд хуыздæр
зæрдæвæрды бындурыл æнцайы.
7Уымæн æмæ, фыццаг фидыд куы ницы
хъуаг уыдаид, уæд дыккаджы сæр нæ бахъу-
ыдаид. 8Фæлæ сын Хуыцау уайдзæф кæны:
«Ахæм рæстæг æрцæуддзæн, — зæгъы
Хуыцау, —
æмæ Æз Израилы байзæддагимæ
æмæ Иудæйы байзæддагимæ
сараздзынæн Ног Фидыд, —
9 сæ фыдæлты сын, сæ къухтыл
хæцгæйæ,
Мысырæй куы ракодтон,
уæд семæ кæй сарæзтон,
ахæм фидыд нæ.
Уымæн æмæ уыдон
Мæ уыцы фидыдмæ гæсгæ нæ
цардысты,
æмæ сæ Æз ныууагътон, — зæгъы
Хуыцау. —
10 Мæнæ, уыцы бонты фæстæ
Израилы байзæддагимæ кæй
сараздзынæн,
уыцы Фидыд: сæ зонды сын
нывæрдзынæн
æмæ сæ зæрдæтыл ныффысдзынæн
Ме 'гъдæуттæ, æмæ уыдзынæн сæ
Хуыцау,
уыдон та уыдзысты Мæ адæм.
11 Уæд алчи йе 'мбæстаджы æмæ йе
'фсымæры
нæ ахуыр кæндзæн æмæ йын нæ
дзурдзæн:
„Базон Хуыцауы“,
уымæн æмæ иууылдæр,
стырæй, чысылæй, зондзысты Мæн.
12 Уымæн æмæ сын Æз
ныббардзынæн сæ галиу митæ,
сæ тæригъæдтæ сын нал
æрымысдзынæн».
13Уыцы Фидыд Ног рахонгæйæ, Хуы-
цау æмбарын кодта, фыццаг фидыд кæй
базæронд ис, уый. Цы базæронд уа æмæ
дугивгъуыд цы суа, уымæн та йе сæфт æрæв-
вахс вæййы.

**9** Фыццаг фидыдæн уыди йæхи уазлæггады
æгъдæуттæ, стæй йæхи кувæндон — зæх-
хон. 2Арæзт æрцыди Уаз Цæрæн, уымæн
йæ фыццаг агъуыст хуынди Уаз бынат. Уым
уыдысты цырагъдарæн, фынг æмæ кувинаг
дзултæ. 3Дыккаг æмбæрзæны фæстæ цы
агъуыст уыдис, уый та хуынди Рухсмону-
ат. 4Уыди дзы сыгъзæрин будсудзæн æмæ
Фидыды Чырын, йæ фæрстæ — сыгъзæри-
нæй астæрд, йæ мидæг — сыгъзæрин къус
маннæимæ, Аароны билцъæфтыд лæдзæг
æмæ, фæдзæхстытæ цы къæйдуртыл фыст
уыдысты, уыдон. 5Фидыды Чырыны сæрмæ
та — херувимтæ, Хуыцауы кад уым кæй ис,
уый æвдисынæн; сæ дæлбазыр уыди тæри-
гъæдтæ ныббарыны бынат. Æппæт уыдæтты
тыххæй ныр бæлвырд дзурын нæ хъæуы.
6Æппæт дæр сарæзтæуыд афтæ, æмæ фыц-
цаг уатмæ Хуыцауæн лæггад кæнынмæ кæд-
дæриддæр цыдысты сауджынтæ; 7дыккаг
уатмæ та — æрмæстдæр алчер, афæдз иу
хатт, тугимæ, æмæ-иу æй нывондæн æрхаста
йæхи тæригъæдты, стæй, адæм æнæзонгæйæ
цы тæригъæдтæ ракодтой, уыдоны тыххæй.
8Уымæй Сыгъдæг Уд æвдисы, зæгъгæ, ца-
лынмæ раздæры Уаз Цæрæн ис, уæдмæ ног
Рухсмонуатмæ фæндаг гом нæма у. 9Уаз
Цæрæн фæсномыгæй абонмæ амоны: Хуы-
цауæн цы хуынтæ æмæ нывæндтæ хæссынц,
уыдон се 'рхæсджыты æфсармы тæрхонæй
фервæзын кæнынæн ницы ахъаз сты. 10Уыцы
нывæндтæ æрмæстдæр хæрды, нозты æмæ
буар ссыгъдæджы æгъдæуттимæ баст сты,
буармæ чи хауы, ахæм домæнтæ; уыдон æх-
хæстгæнинаг уыдысты, цалынмæ хуыздæр
уагæвæрд нæ фæзынди, уæдмæ.
11Ныр та æрцыди Чырысти — æцæг хорзæх-
тæ нын Чи æрхаста, уыцы Алчер, æмæ бацыд
æндæр Уаз Цæрæнмæ, кæцы у ахсджиагдæр,
алцæмæй дæр — æххæст; уый хиконд, ома
ацы дунейæ нæу.
12Иу хатт æмæ æнусмæ Чырысти бацыди
Рухсмонуатмæ — нывондаг сæгътæ æмæ

родты тугимæ нæ, фæлæ Йæхи Тугимæ æмæ
нæ мыггагмæ фервæзын кодта тæригъæды
азымæй.
13Чи фæчъизи ис, уыдон кæд сæгътæ æмæ
галты туг, стæй нывонд дыгæрдыджы æрт-
хутæг бапырх кæныны руаджы ссыгъдæг
вæййынц Æгъдаумæ гæсгæ, 14уæд цас тых-
джындæр у, æнусон Уды фæрцы Хуыцауæн
Йæхи æнаипп нывондæн Чи æрхаста, уыцы
Чырыстийы Туг! Уыцы Туг мах фервæзын
кæндзæн æфсармы тæрхонæй — ныууадз-
дзыстæм мæлæтхæссæг хъуыддæгтæ æмæ
лæггад кæндзыстæм цардæгас Хуыцауæн.
15Уымæ гæсгæ Чырысти у ног фидыды
Æхсæнылæг, цæмæй, Йæ мæлæты фæрцы
мыггагмæйы хорзæхтæ райсынмæ хуындты-
тæн, фыццаг фидыды заман цы тæригъæдтæ
ракодтой, уыдон хатыргонд æрцæуой, æмæ
райсой, Хуыцау сын зæрдæ цæмæй бавæрдта,
уый. 16Æмæ кæд ныстуан ис, уæд хъуамæ
бæлвырд уа, йæ кæнæг мард кæй у, уый. 17Уы-
мæн æмæ ныстуан йæ тыхы æрмæстдæр, йæ
саразæг куы амæлы, уæд бацæуы; цалынмæ
удæгас уа, уæдмæ йын ницы тых ис. 18Уымæ
гæсгæ фыццаг фидыд дæр йæ тыхы æнæ
тугæй нæ бацыд. 19Уымæн æмæ, Æгъдауы
фæдзæхстытæ иууылдæр Моисей æппæт
адæмæн куы фехъусын кодта, уæд райста
родты æмæ сæгъты туг донимæ, стæй сырх
къуымбил, иссоп, æмæ дзы бапырх кодта
Æгъдауы чиныгыл дæр æмæ адæмыл дæр.
20Моисей загъта: «Уый у, Хуыцау уын кæй
æххæст кæнын бафæдзæхста, уыцы фиды-
ды туг». 21Уыцы тугæй бапырх кодта Уаз
цатырыл дæр, стæй дзы Хуыцауæн лæггад
кæнынæн цы дзаумæттæ уыдис, уыдоныл
дæр. 22Æгъдаумæ гæсгæ, æппæт дæр сыгъ-
дæггонд цæуы тугæй, æмæ, туг куынæ нык-
кæла, уæд хатыр нæй.
23Уæдæ уæларвоны зæххон хуызæгтæ хъу-
амæ сыгъдæггонд цæуой афтæ, уæларвон та
ноджы сыгъдæгдæр нывæндтæ домы. 24Чы-
рысти лæджы къухæй конд кувæндонмæ нæ
бацыд, æцæг Кувæндонæн æрмæстдæр йæ
халдих чи у, ахæммæ, фæлæ ацыди комком-
мæ уæларвмæ, цæмæй мах тыххæй æрлæууа
Хуыцауы раз. 25Алчер æрвылаз нывонды
тугимæ Рухсмонуатмæ куыд цыд, Йесо афтæ
бирæ хæттыты Йæхи нывондæн хæссынмæ
нæ цыди. 26Афтæ куы уыдаид, уæд Æй дуне
сфæлдисынæй фæстæмæ бирæ хæттыты
бахъуыдаид хъизæмар кæнын. Фæлæ Уый
æрцыд иу хатт, рæстæджы кæронмæ, тæри-
гъæд фесафыны сæраппонд Йæхи нывондæн
æрхæссынмæ. 27Адæймагæн иу хатт амæлын,
стæй та тæрхоны раз æрлæууын куыд æм-
бæлы, 28афтæ Чырысти дæр бирæты тæри-
гъæдтæ Йæхимæ райсыны сæраппонд иу
хатт Йæхи æрхаста нывондæн; дыккаг хатт
та æрцæудзæни тæригъæдæй ссыгъдæг кæ-
нынмæ нæ, фæлæ Йæм æнхъæлмæ чи кæсы,
уыдоны фервæзын кæнынмæ.

**10** Фидæны хорзæхтæн Æгъдау у æрмæст-
дæр сæ фæлгонц — уый æцæг хорзæх нæу.
Уымæ гæсгæ Æгъдауы бон уый нæу, æмæ,
афæдзæй-афæдзмæ уыцы иудадзыг нывæнд-
тæ чи хæссы, уыдоны æнаипп фестын кæна.
2Уый йæ бон куы уаид, уæд нывæндтæ нал
хæссиккой: иу хаттæн-иу мыггагмæ ссыгъ-
дæг уаиккой сæ тæригъæдæй æмæ сæхи
азымджын нал хониккой. 3Фæлæ æрвылазы
нывæндтæ æрмæстдæр тæригъæдтæ зæрдыл
æрæфтауынæн сты, 4уымæн æмæ галтæ
æмæ сæгъты тугæй тæригъæдтæ аиуварс
кæнæн нæй.
5Дунемæ æрцæугæйæ, уый тыххæй загъта
Чырысти Хуыцауæн:

«Ды нывæндтæ æмæ хуынтæ нæ
бакуымдтай,
фæлæ Мын æрцæттæ кодтай буар.
6 Иууылсудзинаг æмæ тæригъæды
нывæндтæ
Дæуæн фæндон нæ уыдысты.
7 Уæд Æз загътон: „Уаз Чиныджы
Мæн тыххæй куыд фыст ис,
афтæ мæнæ æрцыдтæн, Хуыцау,
Дæ фæндон сæххæст кæнынмæ“».

8Кæд уыцы нывæндтæ Æгъдаумæ гæсгæ
æрхастæуы, уæддæр Чырысти фыццаг загъта:
«Нывæндтæ, хуынтæ, иууылсудзинаг æмæ
тæригъæды нывæндтæ Ды нæ бакуымдтай,
фæндон Дын нæ уыдысты». 9Уый фæстæ ма
Йæ ныхасмæ бафтыдта: «Мæнæ æрцыдтæн Дæ
фæндон сæххæст кæнынмæ». Чырысти аивта
фыццаг æмæ сфидар кодта дыккаг. 10Йесо Чы-
рысти сæххæст кодта Хуыцауы фæндон, æмæ
Йын Йæ буар нывондæн кæй æрхастæуыд,
уый фæрцы мах ссыгъдæг стæм мыггагмæ.
11Алы сауджын дæр æрвылбон лæггад кæ-
ны Хуыцауы раз æмæ бонæй-бонмæ хæссы,
тæригъæдтæ аиуварс кæнынæн æнæпайда
чи у, уыцы иу нывæндтæ. 12Йесо та, тæри-
гъæдты тыххæй иунæг нывонд æрхæсгæйæ,
«Хуыцауы рахизфарс æрбадти» мыггагмæ
13æмæ уæдæй фæстæмæ æнхъæлмæ кæсы,
«Йе знæгты Йын Хуыцау Йæ къæхты бын
кæд æрæвæрдзæн, уымæ». 14Уымæн æмæ,
кæй ссыгъдæг кодта, уыдоны иу нывондæй
мыггагмæ алцæмæй дæр скодта æнаипп.

15Уый тыххæй Сыгъдæг Уд дæр æвдисæн
лæууы. Йæ фыццаг ныхас у:
16 «Мæнæ, — зæгъы Хуыцау, — уыцы
бонты фæстæ
семæ кæй сараздзынæн, уыцы Фидыд:
сæ зæрдæты сын нывæрдзынæн
æмæ сын сæ зонды ныффысдзынæн
Ме ’гъдæуттæ».
17Загъта ма:
«Нал сын æрымысдзынæн
сæ тæригъæдтæ æмæ сæ æнæуаг
митæ».
18Тæригъæдтæ барст куы æрцæуой, уæд
уыдоны тыххæй нывонд хæссын нал хъæуы.
19Уædæ нæ ныфс ис, æфсымæртæ, Йесойы
Туджы фæрцы ног æмæ цардæттæг фæн-
дагыл Рухсмонуатмæ кæй бацæудзыстæм,
уымæй. 20Уыцы фæндаг нын мидæмбæрзæ-
ны, ома Йæ буары фæрцы, байгом кодта Уый
æмæ йыл фыццаг Йæхæдæг ацыд. 21Хуыцауы
хæдзары сæргъы стыр Алчер ис, 22æмæ уæдæ
хæстæгдæр бацæуæм уырдæм æнувыд зæрдæ
æмæ фидар уырнындзинадимæ — сыгъдæг-
гонд æрцыдисты хæрамæй нæ зæрдæтæ æмæ
сыгъдæг донæй æрæхсадæуыд нæ буар. 23Фи-
дар хæцæм, ныфс нын цы уырныдзинад
дæтты, уыл, уымæн æмæ Зæрдæбавæрæг Йæ
ныхас нæ ивы. 24Кæрæдзиуыл æнувыд уæм,
кæрæдзийы разæнгард кæнæм уарзынмæ
æмæ хорз хъуыддæгтæм. 25Иуæй-иутæ куыд
сахуыр сты, уыйау мах ма уадзæм не ’мбырд,
фæлæ ныфс дæттæм кæрæдзийæн, уæлдай-
дæр, Бардарæджы æрцыды бон æрæввахс
кæны, уый кæй уынæм, уый тыххæй.
26Кæд æмæ, æцæгад базонгæйæ, уæддæр
тæригъæды цæуæм, уæд уыцы тæригъæдтæн
ныр ницавæр нывондæй уыдзæн ссыгъдæг
кæнæн, 27æмæ нын æрмæстдæр баззади тæр-
хонмæ, стæй, Хуыцауы ныхмæлæуджытæ
мыггагмæ цы æвирхъау арты амæттаг фæуы-
дзысты, уымæ тæрсгæ-ризгæйæ æнхъæлмæ
кæсын. 28Моисейы Æгъдау чи не ’ххæст кодта,
ахæм адæймаг дыууæ кæнæ æртæ æвдисæны
ныхасæй кæд æгъатырæй мæлæтмæ лæвæрд
цыди, 29уæд, куыд æнхъæл стут, цас карздæр
æфхæрды аккаг уыдзæни, Хуыцауы Фырты
чи ссæнды æмæ, сыгъдæггонд кæмæй æр-
цыди, Фидыды уыцы Туг чи ницæмæ дары
æмæ фарндæттæг Уды чи фауы, уый? 30Мах
зонæм, афтæ Чи загъта:
«Мæ бар уадзут маст исын, Æз аккаг
фæуыдзынæн».
Æмæ ноджыдæр:
«Бардарæг тæрхон кæндзæн Йæ
адæмæн».
31Тæссаг у цардæгас Хуыцауы къухтæм
бахауын!
32Æрымысут, Хуыцау уæ зæрдæтæм рухс
куы бауагъта æмæ уый фæстæ тохы бирæ
зынтæн куы бафæрæзтат, уæ раздæры уыцы
бонтæ. 33Куы-иу уæ æппæт адæмы раз сæгад
кодтой æмæ æфхæрдтой, куы та уыдыстут,
ахæм уавæры ма чи уыди, уыдоны фарсмæ.
34Уымæн æмæ сымахæн, ахæстæтты чи уыд,
уыдоныл уæ зæрдæ рысти, æмæ уын уæ мулк
куы хастой, уæд цин кодтат, хуыздæр æмæ
уын æнусон исбон кæй ис, уый зонгæйæ.
35Уæдæ уæ зæрдæдарæн ма ныууадзут æмæ
уый тыххæй райсдзыстут стыр хæрзиуæг.
36Бафæразын уæ хъæуы, цæмæй кæронмæ
сæххæст кæнат Хуыцауы фæндон æмæ рай-
сат, зæрдæ уын цæмæй бавæрдæуыд, уый.
37 Уымæн æмæ «бирæ нал хъæуы,
хæрз гыццыл рæстæг ма,
æмæ, æрцæуинаг Чи у, Уый
æрцæудзæн,
нæ бафæстиат уыдзæн.
38 Мæ рæстгæнæг уырныдзинады
фæрцы цæрдзæни,
чи фæцуда, уымæй та Æз
райгонд нæ уыдзынæн».
39Мах та, фæстæмæ чи ахæцы æмæ чи бабын
вæййы, уыдонæй не стæм: мах æууæндæм
æмæ ирвæзын кæнæм нæ удтæ.

**11** Уырныдзинад та у, æнхъæлмæ цæ-
мæ кæсæм, уый кæй сæххæст уыдзæн æмæ,
цæстæй цы нæ уынæм, уыл фидарæй кæй
æууæндæм, уымæн æвдисæн. 2Незаманты
чи царди, уыдон раппæлинаг уыдысты сæ
уырныдзинадæй.
3Уырныдзинады фæрцы мах базонæм:
Хуыцау дун-дуне сфæлдыста Йæ Дзырдæй —
цæстæй цы нæ уынæм, уымæй рантыст, цæс-
тæй цы уынæм, уый.
4Уырныдзинады фæрцы æрхаста Авел Ху-
ыцауæн Каины нывондæй хуыздæр нывонд.
Йæ уырныдзинады фæрцы йын Хуыцау
райста йæ нывонд æмæ уымæй равдыс-
та, Авел рæстаг кæй у, уый. Æмæ кæд Авел
амарди, уæддæр йæ уырныдзинады фæрцы
нырма дæр дзуры. 5Енохмæ уырныдзинад
кæй уыдис, уымæ гæсгæ хаст æрцыдис арв-
мæ, мæлæт нæ федта, афтæмæй. Агуырдтой
йæ æмæ йæ не ссардтой — Хуыцау æй айста
Йæхимæ. Фæлæ йæ цалынмæ нæ айста, уæд-
мæ дзы Хуыцау, куыд адæймагæй, афтæ разы
уыди. 6Æнæ уырныдзинадæй та Хуыцауы
зæрдæ барухс кæнæн нæй. Хуыцаумæ æрцæ-
уæг хъуамæ æууæнда, Хуыцау кæй ис æмæ

Йæ зæрдиагæй чи агуры, уыдонæн хæрзиуæг
кæй ратты, ууыл. 7Цæстæй фенæн цæмæн
нæма уыди, уый йын Хуыцау куы раргом
кодта, уæд Ной, йæ уырнындзинады фæрцы
Хуыцаумæ байхъусгæйæ, сарæзта, йæхædæг
æмæ йæ бинонтæ кæм фервæзтысты, уыцы
нау; йæ уырнындзинадæй стæрхон кодта ду-
нейæн, æмæ йæ Хуыцау йæ уырнындзинады
фæрцы банымадта рæстагыл.

8Уырнындзинад æм кæй уыдис, уый фæр-
цы Авраам байхъуыста Хуыцаумæ, кæй хъу-
амæ райстаид, уыцы бæстæм ацæуыны тых-
хæй. Æмæ ацыди, кæд, кæдæм цæуы, уый
бæлвырд нæ зыдта, уæддæр.

9Уырнындзинад æм кæй уыдис, уый фæр-
цы Авраам, зæрдæ йын кæмæй бавæрдæуыд,
уыцы зæххыл æрбынат кодта æмæ, æндæр-
бæстаг куыд вæййы, афтæ цатырты цардис
Исаак æмæ Йаковимæ — уыдонæн дæр уыцы
зæххæй зæрдæ бавæрдæуыд.

10Уымæн æмæ Авраам æнхъæлмæ касти,
фидар бындур кæмæн ис, Хуыцау йæ ныв-
гæнæг æмæ аразæг кæмæн у, уыцы сахармæ.

11Саррæ дæр æнæзæнæг уыди, йæ цот кæ-
ныны афон дæр аивгъуыдта, фæлæ йæм
уырнындзинад кæй уыд, уымæ гæсгæ ба-
сывæрджын ис. Уымæн æмæ дызæрдыг нæ
кодта: зæрдæ Чи бавæрдта, Уый Йæ дзырд
нæ сайы.

12Афтæ иу лæгæй, уымæй дæр, удæгæстæй
мæрдтæм чи фæхæстæгдæр, ахæмæй рацыд
арвы стъалытæ æмæ денджызгæрон змисау
æнæнымæц адæм.

13Ацы лæгтæ иууылдæр мæрдтæм бацы-
дысты уырнгæйæ, кæд, зæрдæ сын цæмæй
бавæрдæуыд, уый нæ райстой, уæддæр.
Æрмæст æй дардмæ федтой æмæ йыл цин
кодтой. Уыдон ыл басастысты æмæ дзырд-
той, зæххыл æцæгæлæттæ æмæ рæстæгмæ
цæрджытæ стæм, зæгъгæ. 14Бæлвырд у, афтæ
чи зæгъы, уыдон сæ уыцы ныхæстæй æвди-
сынц, сæхи фыдыбæстæм кæй тырнынц, уый.
15Æмæ цы бæстæй рацыдысты, сæ хъуыдытæ
ууыл куы уыдаиккой, уæд сын уыдаид аз-
дæхыны фадат. 16Фæлæ уыдон тырныдтой
хуыздæрмæ, ома уæларвон бæстæм. Уымæ
гæсгæ Хуыцаумæ дæр æгад нæ кæсы Йæхи
уыдоны Хуыцау хонын, уымæн æмæ Уый
уыдонæн æрцæттæ кодта сахар.

17Хуыцау Авраамы куы фæлвæрдта, уæд
Авраам, уырнындзинад æм кæй уыдис, уый
фæрцы нывондæн æрхаста Исаакы. Кæд ын
зæрдæ бавæрдæуыд, уæддæр цæттæ уыди
йæ иунæг фырты нывондæн æрхæссын-
мæ. 18Исаакы тыххæй та йын афтæ загъд
уыди: «Исаакæй чи райгуыра, уыдон ны-
мад уыдзысты дæ байзæддæгтыл». 19Авра-
ам æууæндыд, Хуыцауæн Йæ бон кæй у йæ
фырт Исаакы мæрдтæй дæр райгас кæнын,
æмæ йын æй æцæгæйдæр фæстæмæ радта
йæ фырты, æмæ уый фæсномыгæй амыдта
фидæнмæ. 20Йæ уырнындзинады фæрцы
Исаак арфæ ракодта Йаков æмæ Исавы фи-
дæнæн. 21Йæ уырнындзинады фæрцы Йаков
йæ мæлæты размæ арфæ ракодта Йосефы
фырттæй алкæмæн дæр, æрæнцой кодта йæ
лæдзæгыл æмæ скуывта Хуыцаумæ. 22Йæ
уырнындзинады фæрцы Йосеф, куы марди,
уæд дзырдта израилæгты Мысырæй рацыды
тыххæй æмæ сын фæдзæхста, цæмæй йын
йе стджытæ уым ма ныууадзой.

23Сæ уырнындзинады фæрцы йæ ный-
йарджытæ Моисейы, куы райгуырдис, уæд
æртæ мæйы дæргъы æмбæхсгæ фæкодтой.
Уымæн æмæ, тынг рæсугъд сывæллон кæй
у, уый уыдтой æмæ паддзахы бардзырдæй
дæр нал фæтарстысты. 24Моисей йæ лæджы
кары куы бацыди, уæд йæ уырнындзинады
фæрцы не сразы ис фараоны чызджы лæппу-
йыл нымад уæвыныл 25æмæ тæригъæдджын
цинтæй хи ирхæфсыны бæсты хуыздæрыл
банымадта Хуыцауы адæмимæ тухæнтæ
æвзарын. 26Мысыраг хæзнатæй йæхицæн
зынаргъдæр хæзнайыл банымадта Чырыс-
тийау æфхæрд æййафын, уымæн æмæ йæ
фидæны хæрзиуæгмæ уыди йæ каст. 27Пад-
дзах дзы йæ маст кæй райсдзæн, уымæй нæ
фæтæрсгæйæ, Моисей йæ уырнындзинады
фæрцы ныууагъта Мысыр. Цæстæй фенæн
Кæмæн нæй, уыцы Хуыцауы цыма цæстæй
уыдта, афтæ фидар лæууыд. 28Уырнындзи-
над æм кæй уыдис, уый фæрцы скодта Куа-
дзæн æмæ уæлкъæсæртæ сахуырста тугæй,
цæмæй хистæр хъæбулты марæг ма бавна-
ла израилæгты хъæбултæм. 29Сур зæххыл
цæуæгау израилæгтæ сæ уырнындзинады
фæрцы ахызтысты Сырх денджызыл, æмæ
мысырæгтæ дæр ахизын куы бафæлвæрдтой,
уæд фæдæлдон сты. 30Авд боны дæргъы Йе-
рихоны алыварс израилæгтæ цалдæр хатты
куы æрзылдысты, уæд сæ уырнындзинады
фæрцы æркалдысты йæ къултæ. 31Уырнын-
дзинад æм кæй уыдис, уый фæрцы хæтаг
Рахав суазæг кодта сгарджыты æмæ нæ ба-
бын ис æнæсæттонтимæ.

32Цы ма уын зæгъон? Рæстæг мын нæй
Гедеоны, Баракы, Самсоны, Йеффайы, Да-
виды, Самуелы æмæ иннæ пехуымпарты
тыххæй радзурынæн. 33Уыдонмæ уырнын-
дзинад кæй уыдис, уый фæрцы уæлахиз

кодтой паддзахæдтыл, сæ хъуыддæгтæ уы-
дысты раст, Хуыцау-иу сын зæрдæ цæмæй
бавæрдта, уый-иу райстой, сæхгæдтой-иу
домбæйтты дзыхтæ, 34пиллон арт-иу бамы-
нæг кодтой, карды комæй-иу аирвæзтысты,
уыдысты лæмæгъ æмæ-иу сæм хъару фæ-
зынди. Хæсты уыдысты тыхджын, лидзæг-
иу фæкодтой æндæрбæстæгты æфсæдтæ.
35Сылгоймæгтæ-иу сæ мæрдты удæгасæй
райстой. Иннæты-иу амардæуыд хъизæма-
ры мæлæтæй — уыдоны сæрибар райсын нæ
бафæндыд, цæмæй хуыздæр царды райгас
уой. 36Аннæтæй та кодтой хынджылæг æмæ
сæ надтой ехсæй, бастой сæ рæхыстæй æмæ
сæ ахæстæтты æппæрстой. 37Дурты бын-иу
сæ фæкодтой, ахырхтой-иу сæ, [ракъахыны
охыл сæ хъизæмарæй мардтой], карды цæ-
фæй мардысты, фысдзæрмтты æмæ сæгъ-
дзæрмтты рахау-бахау кодтой, уыдысты
мæгуыр, цардæфхæрд æмæ ссæст. 38Æппæт
дуне кæй аккаг нæ уыди, уыдон рахау-ба-
хау кодтой æдзæрæг быдырты æмæ хæхты,
лæгæтты æмæ цъассыты.

39Сæ уырныдзинады тыххæй сын се
'ппæтæй дæр раппæлыд Хуыцау, фæлæ сын
зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый нæ райстой.
40Уымæн æмæ Хуыцау махæн æрцæттæ кодта
хуыздæр фæндаг, æмæ уыдон æрмæстдæр
махимæ хъуамæ бахæццæ уыдаиккой уыцы
æххæстдзинадмæ.

**12** Уæдæ уырныдзинады æвдисæнтæ нæ
алыварс уый бæрц кæм сты, уым мах дæр
ныууадзæм, фæстæмæ ныл цы хæцы, æппæт
уыдæттæ, стæй нæ æнцонæй чи æрцахсы,
уыцы тæригъæд æмæ, нæ размæ цы фæндаг
ис, ууыл тындзæм фæразонæй, 2уырныдзи-
над Чи дæтты æмæ йæ алцæмæй дæр æххæст
Чи кæны, уыцы Йесомæ кæсгæйæ: цы цины
аккаг уыд, уый бæсты фæразонæй фæхъи-
зæмар кодта, худинаг ницæмæ æрдардта,
афтæмæй амарди дзуарыл æмæ ныр «бады
Хуыцауы рахизфарс». 3Ахъуыды кæнут тæ-
ригъæдджынтæй ахæм æфхæрд Бавзарæгыл,
цæмæй ма сæдых æмæ ма слæмæгъ уат удæй.

4Тæригъæды ныхмæ сымах нырма мæлæт-
дзаг тох нæма кодтат, 5æмæ уын хъæбултау
уæ зæрдæ фæфидар кæнынæн цы загъд уыди,
уый уæ ферох ис:

«Мæ хъæбул, Хуыцауы æфхæрдмæ
ницыйы цæстæй ма кæс,
æмæ дын куы бауайдзæф кæны, уæд
дæ ныфс ма сæттæд,
6 уымæн æмæ, Хуыцау кæй уарзы, уыцы
адæймаджы бафхæры;
нæмгæ та кæны, Йæхицæн фыртæн
кæй райсы, уыдонæй алкæй дæр».

7Уæ хъомыл кæныны сæраппонд фæра-
зон ут æфхæрдæн — уымæй Хуыцау æвдисы,
хъæбулты цæстæй уæм кæй кæсы, уый. Ахæм
фырт ис, мыййаг, фыд кæй нæ бафхæры? 8Æп-
пæт хъæбулты куыд бафхæрдæуы, кæд ахæм
æфхæрд не 'ййафут, уæд сымах æцæг хъæбул-
тæ нæ, фæлæ дзæгъæлзад сывæллæттæ стут.
9Нæ зæххон ныййарджытæ нæ æфхæрдтой,
æмæ сæ мах куы нымадтам, уæд мыггагмæйы
царды сæраппонд куыннæ хъуамæ кæсæм нæ
Уæларвон Фыды коммæ! 10Ныййарджытæ нæ
цыбыр рæстæджы дæргъы æфхæрдтой, ку-
ыд сæм хуыздæр касти, афтæ; Хуыцау та нæ
нæхи пайдайæн бафхæры, цæмæй уæм Йæ
сыгъдæгдзинадæй хайджын.

11Алы æфхæрд дæр нын фыццаг æхсызгон
нæ вæййы — хъыг нæм фæкæсы. Фæлæ нæ
фæстæдæр уыцы æфхæрд куы сахуыр кæ-
ны, уæд нæ цард свæййы фæрнджын æмæ
раст. 12Уæдæ сфидар кæнут, дæлæмæ кæй
æруагътат, уыцы цæнгтæ æмæ, чи слæмæгъ
ис, уыцы уæрджытæ. 13Раст фæндагыл цæут,
цæмæй, къуылых чи у, уый ноджы тынгдæр
ма ныкъкъæдз уа, фæлæ сдзæбæх уа.

14Архайут алкæимæ дæр фидыдæй цæ-
рыныл; тырнут уæхи сыгъдæгæй дарын-
мæ, уымæн æмæ æнæ уымæй Бардарæджы
ничи фендзæн. 15Кæсут уæхимæ, цæмæй
уæ Хуыцауы хорзæхæй æнæхай мачи фæуа,
цæмæй исты маст уидаг ма сырæза æмæ ма
фæхъæстæ кæна бирæты, 16цæмæй уæм ма
уа хæтаг кæнæ æнæхуыцау, Исавау хистæр
фырты бартæ иу хъæрмхуыппы къусыл чи
баивта. 17Сымах куыд зонут, афтæмæй Исавы
фæстæдæр æрхъуыд йæ фыды арфæ, фæлæ
дзы æнæхай фæци, уымæн æмæ, кæд кæу-
гæйæ куырдта, уæддæр фыды фæнд аивын
йæ бон нал уыд.

18Бавналæн кæмæн нæй æмæ пиллон ар-
тæй чи судзы, ахæм хохмæ, талынг, саудa-
лынг æмæ уадмæ не 'рцыдыстут сымах;
19сыкъаууадындзы уастмæ, стæй Хуыцауы
хъæлæсмæ не 'рцыдыстут сымах — адæм-иу
æй куы фехъуыстой, уæд-иу лæгъстæ кодтой,
цæмæй дарддæр мауал дзура семæ. 20Уымæн
æмæ адæмæн сæ бон нæ уыди, цы сын фæ-
дзæхстæуыд, уымæ хъусын: «Хохыл суанг
сырд куы бандзæва, уæд уый дæр дуртæй
мард æрцæуæд». 21Æмæ, цы федтой, уый
сæ ахæм тас бауагъта, æмæ Моисей загъта:
«Фыр тæссæй мыл ризæг бахæцыд».

22Сымах та æрцыдыстут Сионы хохмæ æмæ
цардæгас Хуыцауы сахармæ — уæларвон

Йерусалиммæ, æнæнымæц зæдты цины
æмбырдмæ, 23уæлæрвты кæй нæмттæ фыст
æрцыдысты, уыцы фыццаггуырд хъæбулты
Аргъуанмæ, алкæмæн дæр Тæрхонгæнæг
Хуыцаумæ, алцæмæй дæр æнаипп чи сси,
уыцы рæстгæнджыты удтæм, 24Ног Фидыды
Æхсæнылæг Йесомæ æмæ, мах чи ссыгъдæг
кодта, Йæ уыцы Тугмæ — Авелы тугæй уыцы
Туг хуыздæрыл дзуры.

25Уæдæ кæсут, дзургæ Чи кæны, Уымæ
æнæ байхъусгæ ма фæут. Зæххыл Чи дзырдта,
Уымæ цы адæм нæ байхъуыстой, кæд уыдон
æнæфхæрдæй нæ аирвæзтысты, уæд махæн
та æнæфхæрдæй баззайæн уæвгæ дæр нæй,
уæлæрвтæй Чи дзуры, Уымæй не 'ргом куы
аздахæм, уæд. 26Уæды заманы Йæ хъæлæсæй
нынкъуыста зæхх æмæ та ныр дæр дзырд
радта: «Ноджы ма иу хатт нынкъуысдзынæн
канд зæхх нæ, фæлæ арв дæр». 27Ныхæстæ
«ноджы ма иу хатт» æвдисынц, цы сфæлдыс-
тæуыд, уый кæй нынкъуыстæуыдзæн æмæ
йæ кæй аивдæуыдзæн, цæмæй мыггагмæ
баззайа, æнæфæцудгæ цы у, уый. 28Уæдæ,
æнæфæцудгæ Паддзахадмæ цæугæйæ, хъу-
амæ уæм бузныг, æмæ Йын æхцон куыд уа,
афтæ хъуамæ кусæм Хуыцауæн, аргъ Ын
кæнгæйæ æмæ Дзы тæрсгæйæ. 29Уымæн
æмæ нæ Хуыцау пиллон арт у.

**13** Æфсымæртау иудадзыг уарзут кæрæдзи.
2Уазæгуарзон кæй хъуамæ уат, уый уæ рох
ма уæд. Уазæгуарзон кæй уыдысты, уымæ
гæсгæ иуæй-иутæ, кæй уазæг кæнынц, уый
нæ зонгæйæ, суазæг кодтой зæдты. 3Ма рох
кæнут ахæстыты, цыма уæхæдæг дæр семæ
ахæстоны стут, уыйау. Уæ зæрдыл дарут,
тухæнтæ чи æвзары, уыдоны — гæнæн ис,
æмæ уæхи дæр бахъæуа тухæнтæ æвзарын.
4Алчидæр къайадæн кæнæд аргъ æмæ уæ
хуыссæн уæд сыгъдæг. Хæлд адæмæн æмæ
хæзгултæн Хуыцау тæрхон кæндзæн. 5Æх-
цауарз ма ут, фæлæ уæм цы ис, уый фагыл
нымайут. Уымæн æмæ Хуыцау Йæхæдæг
загъта: «Нæ дæ ныууадздзынæн æмæ дæ
нæ ферох кæндзынæн». 6Уымæ гæсгæ ныфс-
джынæй зæгъæм:

«Бардарæг мын у æххуысгæнæг,
æмæ нæ тæрсын:
цы мын ракæндзæн адæймаг?»

7Ма рох кæнут, Хуыцауы ныхас уын чи
амыдта, уæ уыцы хистæрты; куыд фæцар-
дысты æмæ сæ цард цæуыл ахицæн, уый
дарут уæ зæрдыл æмæ сын фæзмут сæ уыр-
нындзинад. 8Йесо Чырысти знон цавæр уыд,
абон дæр ахæм у æмæ мыггагмæ дæр ахæм
уыдзæн. 9Алыхуызон æмæ æцæгæлон ахуы-
рæдтæ уæ сæ фæдыл ма асайæнт. Уæ зæрдæ-
тæ фидар кæнын хорз у, хæрын цы æмбæлы
æмæ цы не 'мбæлы, уыцы уагæвæрдтæй нæ,
фæлæ Хуыцауы хорзæхæй. Чи сæ æххæст
кæны, уыдонæн дæр ницы пайда æрхастой.
10Махæн ис, Уаз цатыры лæггадгæнджытæн
хæрыны бар кæцæй нæй, ахæм нывондхæс-
сæн. 11Тæригъæдтæй ссыгъдæг кæныны
тыххæй алчер Рухсмонуатмæ цы фосы туг
бахæссы, уыдоны басыгъдæуы адæмы цæ-
рæнуаты æдде. 12Афтæ Йесо дæр, адæмы
Йæ Тугæй ссыгъдæг кæныны сæраппонд,
амарди фæссахар. 13Уæдæ Йæм фæцæуæм
фæссахармæ, æмæ Йæ æгад мах æгад дæр
суæд. 14Уымæн æмæ нын ам, æдзух кæм уы-
дзыстæм, ахæм сахар нæй, фæлæ тырнæм
фидæны сахармæ. 15Цæй уæдæ Йесойы фæр-
цы иудадзыг æппæлæм Хуыцауæй — уадз
æмæ Йын уый уа нæ нывонд, æмæ афтæмæй
кадджын кæнæм Йæ ном.

16Рохуаты ма ныууадзут хорзы цæуын дæр,
цы уæм ис, уымæй иннæтæн хай кæнын —
ахæм нывæндтæ Хуыцауæн æхцон сты.

17Уæ хистæртæ сымах удтыл тыхсынц —
сымах тыххæй сæ дзуапп дæттын бахъæу-
дзæн, æмæ сæм хъусут, кæсут сæ коммæ,
цæмæй кусой æнкъардæй нæ, фæлæ цин-
гæнгæ. Æнкъардæй куы кусой, уæд уый уæ
пайдайæн нæу.

18Кувут мах тыххæй. Не 'фсарм сыгъдæг
кæй у, уый нын дызæрдыггаг нæу, уымæн
æмæ архайæм алцæмæй дæр рæстæй цæры-
ныл. 19Мах тыххæй куват, уый уæ уæлдай
тынгдæр уый тыххæй курын, цæмæй уæм
тагъддæр æрыздæхон.

20Мыггагмæйы фидыд фидаргонд цы Ту-
гæй æрцыд, уый фæрцы Йæ фыстæн стыр
Фыййау Чи сси, нæ уыцы Бардарæг Йесойы
мæрдтæй райгасгæнæг фæрнджын Хуыцау
21сымах схайджын кæнæд алы хорзæхæй дæр,
Йæ фæндон куыд æххæст кæнат, афтæ. Уадз
æмæ Хуыцау Йесо Чырыстийы фæрцы, фæн-
дон Ын цы у, уый сараза нæ мидæг. Чырысти-
йæн кад уæд мыггагæй-мыггагмæ! Аммен.

22Курын уæ, æфсымæртæ, байхъусут ацы
ныфсдæттæг ныхæстæм. Æз уæм бирæ дæр
куы нæ ныффыстон. 23Хъусын уын кæнын, не
'фсымæр Тимофей кæй суæгъд, уый тыххæй.
Æмæ кæд рæхджы æрцæуа, уæд уæ бабæрæг
кæндзыстæм иумæ.

24Саламтæ раттут уе 'ппæт хистæртæн
æмæ æппæт сыгъдæджытæн. Саламтæ уын
дæттынц италиаг уырнджытæ. 25Хуыцауы
хорзæх уе 'ппæты дæр уæд.

# Апостол Йаковы фыстæг

Ног фæдзæхсты бирæ кæуылдæрты æвæрд уыдис ном Йаков, ацы ныстуанæн та йæ автор, æвæццæгæн, уыдис Йесойæн Йæ зæххон царды рæстæг йæ хæстæг, Йеруасалимы чырыстон æхсæнады сæргълæууæг.

Йаков кæмæ фыста, уыцы чырыстæттæн сæ фылдæр раздæр иудейаг динил хæст уыдысты, æмæ уымæ гæсгæ арæх пайда кæны, зындгонд сын чи уыди, Рагон Фæдзæхсты уыцы фæлгонцтæ æмæ дæнцæгтæй. Йаков сидти, сæ уырныдзинад хъуыддагæй равдисын æнцон кæмæн нæ уыд, уыцы уырнджытæм. Уый лыстæг æвзары чырыстон адæймаджы æрвылбоны царды уаджы, хъæздыгдзинад æмæ мæгуырдзинады, фыдгой æмæ дам-думты, фæразондзинад æмæ кувыны фæрстытæ. Йæ сæйраг хъуыды у ахæм: Хуыцауыл æууæнк хъуыддæгтæй фидаргонд куынæ уа, уæд уыцы æууæнк ирвæзындзинадмæ нæ кæны. Йаков чиныгкæсджытæн æмбарын кæны, Хуыцауыл æцæг чи æууæнды, уый æнæмæнг кæй аразы, Хуыцауы зæрдæмæ чи фæцæуы, ахæм хъуыддæгтæ.

---

**1** Йаковæй, Хуыцауы æмæ Бардарæг Йесо
Чырыстийы цагъарæй, — æцæгæлон адæмты
’хсæн цы дыууадæс мыггаджы ныххæлиу,
уыдонмæ. Фæрнджын ут.
2Алы фæлварæнты куы бахаут, ме ’фсы-
мæртæ, уæд æй уæхицæн нымайут стыр
амондыл, 3уымæн æмæ, уæ уырныдзинад
фæлварæнты куы бахауы, уæд фæразон кæй
свæййут, уый зонут. 4Фæразондзинад та сы-
мах хъуамæ æркæна, алцæмæй дæр уæ монон
кары куыд бацæуат æмæ æххæст куыд уат,
æппындæр уæм куыд ницы аипп уа, уымæ.
5Фæлæ уæ кæд искæмæн йæ зонд фаг не
’ххæссы, уæд алкæмæн дæр рæдауæй æмæ
æнæ уайдзæфæй дæттæг Хуыцауæй раку-
рæд, — æмæ йын ратдзæн. 6Æрмæст курæд,
кæй райсдзæн, ууыл æууæндгæйæ æмæ бын-
тон æнæдызæрдыгæй. Уымæн æмæ дызæр-
дыггæнæг у, дымгæ кæй сисы æмæ кæмæй
фæхъазы, уыцы денджызон уылæнау. 7Ахæм
адæймаг Бардарæгæй исты райсынил йæ
зæрдæ ма дарæд — 8йæ зонд дыууæрдæм
хæцы, æмæ, цыдæриддæр ма араза — фаг
ныфс æм нæ разыны.
9Мæгуыр æфсымæр æппæлæд, Хуыцау æй
бæрзонд кæй сæвæрдта, уымæй. 10Хъæздыг
та — дæлдзиныггонд кæй æрцыди, уымæй,
уымæн æмæ йæ хъæздыгдзинад быдираг
дидинæгау фæцыдæр уыдзæн. 11Скæсы хур,
æмæ йæ тæвдæй дидинæг бахус вæййы æмæ
æрызгъæлы, йæ рæсугъддзинад æрбайсæ-
фы. Афтæ хъæздыг дæр: йæ хъуыддæгтæ
аразгæйæ баруайдзæн.
12Тæхудиаг у фæлварæнæн фæразон адæй-
маг, уымæн æмæ, фæлвæрд куы уа, уæд
райсдзæни, чи Йæ уарзы, уыдонæн Хуыцау
зæрдæ цæмæй бавæрдта, уыцы хæрзиуæг —
мыггагмæйы цард. 13Фæлварæнты чи бахауа,
уый ма дзурæд: «Хуыцау мæ къахы». Хуыца-
уæн фыдæхæй ракъахæн нæй, стæй Йæхæ-
дæг дæр никæй къахы. 14Фæлæ алкæй дæр
ракъахы йæхи монц, сцыбæл æй кæны æмæ
йæ къæппæджы баппары. 15Монц ауадзы
йæ уидæгтæ, æмæ дзы рацæуы тæригъæд,
тæригъæд та расайы мæлæт.
16Ма фæдзæгъæл ут, мæ уарзон æфсы-
мæртæ. 17Хорзæй цыдæриддæр ис, уый дæр,
стæй алы æххæст лæвар дæр æрцæуынц
уæлæрвтæй, иудадзыг иухуызон Чи у æмæ
æппындæр Чи нæ ивы, Уымæй — рухсы Фы-
дæй. 18Йæ фæндонмæ гæсгæ нын радта ног
цард — æцæгады ныхасы руаджы нæ скодта
Йæ хъæбултæ. Кæй сфæлдыста, уыдонæй
мах хоры сæрау рахицæн кодта Йæхицæн.
19Уæ зæрдыл бадарут, мæ уарзон æфсы-
мæртæ: алчидæр рæвдз уæд байхъусын-
мæ, рагацау хъуыды кæнæд йæ ныхасыл,
мæстыгæр ма уæд. 20Уымæн æмæ мæсты
адæймаджы бон нæу, Хуыцауæн фæндон
цы у, уый саразын. 21Уымæ гæсгæ ныууадзут
алы чъизи ми, алы фыдæх; æвæлмасæй кæ-
сут Хуыцауы ныхасы коммæ. Уыцы ныхас
байтыдæуыд уæ зæрдæты, æмæ йæ бон у уæ
фервæзын кæнын.
22Æххæст æй кæнут æмæ ма ут, æрмæст æм
байхъусынæй дарддæр чи ницы аразы æмæ
уымæй йæхæдæг йæхи чи сайы, ахæмтæ.
23Уымæн æмæ, ныхас чи хъусы, фæлæ йæ чи
не ’ххæст кæны, уый у, кæсæны йæхимæ чи
кæсы, уыцы адæймаджы хуызæн: 24федта

йæхи, иуварс ацыд æмæ дзы уайтæккæ фе-
рох, цы хуызæн у, уый. 25Фæлæ ахæм нæу,
сæрибардæттæг æнаипп æгъдау чи иртасы
æмæ йыл чи хæцы, уыцы адæймаг. Цы хъусы,
уый æрмæст йæ зæрдыл нæ дары, фæлæ ма
йæ æххæст дæр кæны. Ахæм адæймаг тæ-
худиаг уыдзæн йæ алы хъуыддаджы дæр.
26Кæд исчи йæхи уырнæгыл нымайы, йе
’взагыл та йæ бар нæ цæуы, уæд йæхæдæг йæ-
хи сайы æмæ йæ уырнындзинад æнæпайда
у. 27Сидзæрты, идæдзты сæ зынты барæвда-
уын, а дунейы чъизитæй хи бахизын, — уый
у Фыд Хуыцауы раз сыгъдæг æмæ æнæфау
уырнындзинад.

**2** Ме ’фсымæртæ, сымах нæ кадджын Бар-
дарæг Йесо Чырыстийыл æууæндджытæ
стут æмæ хъулон макæй кæнут. 2Зæгъæм, уе
’мбырдмæ бацыд адæймаг сыгъзæрин къух-
дарæнимæ, зынаргъ дарæсы. Бацыд мæгуыр
дæр бызгъуыр дарæсы. 3Зынаргъ дарæс кæ-
уыл ис, сымах уымæ куы бакæсат æмæ йын
куы зæгъат: «Сбад ацы хорз бынаты», мæгу-
ыræн та куы зæгъат: «Ды уым слæууу» кæнæ:
«Æрбад ам, мæ къæхты раз», 4уæд, мыййаг,
иуы иннæмæй нæ уæлдæр кæнут æмæ галиу
зондыл лæуд тæрхонгæнджытæ не свæййут?
5Байхъусут, мæ уарзон æфсымæртæ. Ду-
нейы цæсты гæвзыкк чи у, уыдоны Хуыцау,
мыййаг, нæ сæвзæрста уырнындзинадæй
сæ схъæздыг кæнынмæ æмæ сæ Йæ Пад-
дзахадмæ бахонынмæ? Уыцы Паддзахадæй
Хуыцау зæрдæ бавæрдта, чи Йæ уарзы, уы-
донæн. 6Сымах та мæгуыры ницæмæ æр-
дардтат. Бонджынтæ уæ не ссæндынц æмæ
уæ тæрхондæттæм уыдон нæ рарвит-барвит
кæнынц, мыййаг? 7Сымахæн цы кадджын
ном рардæуыд, ууыл цъыф уыдон нæ калынц,
æви? 8Сыгъдæг Фысты загъд ис: «Дæхи куыд
уарзыс, хионы дæр афтæ уарз». Æмæ кæд сы-
мах Паддзахы уыцы æгъдаумæ гæсгæ цæрут,
уæд раст кæнут. 9Фæлæ кæд искæй хъулон
кæнут, уæд тæригъæды æфтаут уæхи æмæ,
æгъдаумæ гæсгæ, стут æгъдаухалджытæ.
10Уымæн æмæ, æппæт æгъдау чи æххæст
кæны, уый йын йæ домæнтæй искæцыйы
куы фæкъуыхцы уа, уæд æнæхъæн æгъдау
фехалæгау азымджын у. 11«Ма хæт» Чи загъта,
«Ма амар» дæр Уый загъта. Кæд хæтгæ нæ кæ-
ныс, фæлæ искæй марыс, уæд æгъдаухалæг
дæ. 12Уæ ныхас æмæ уæ хъуыддæгтæ нывыл
хъуамæ уой, уымæн æмæ уын сæрибардæт-
тæг æгъдау тæрхон кæндзæн. 13Хатыргæнаг
чи нæу, уымæн тæрхондоны хатыр нæ уы-
дзæн; хорзæхджынæн тæрхонæй тас нæу.
14Ме ’фсымæртæ, кæд исчи зæгъы, уыр-
нындзинад мæм ис, зæгъгæ, йæ хъуыддæгтæ
та уырнындзинадмæ гæсгæ не сты, уæд ын
уый цы пайда у? Ахæм уырнындзинад æй
фервæзын кæндзæн? 15Зæгъæм, де ’фсымæр
кæнæ дæ хо сты бæгънæг æмæ сæм бонваг
хойраг дæр нæй, 16æмæ сын сымахæй исчи
куы зæгъид: «Ацæут фарнимæ, уæхи ба-
тавут æмæ бахæрут», фæлæ, хъуаг цæмæй
æййафынц, уый та сын куы нæ раттид, уæд
уымæй цы пайда ис? 17Афтæ уырнындзи-
над дæр — хъуыддæгтæй æвдыст куынæ
уа, уæд мард у.
18Фæлæ исчи зæгъдзæн: «Дæумæ уыр-
нындзинад ис, мæнмæ та — хъуыддæгтæ».
Фенын мын кæн дæ уырнындзинад æнæ
хъуыддæгтæй, æз та дын мæ уырнындзинад
мæ хъуыддæгтæй равдисдзынæн. 19Дæу уыр-
ны, Хуыцау иунæг Хуыцау кæй у, уый. Хорз
кæныс. Уый дæлимонты дæр уырны æмæ
æмризæджы ризынц. 20Фæлæ уырнындзинад
æнæ хъуыддæгтæй мард кæй у, уый базонын
дæ фæнды, æнæзонд адæймаг? 21Нæ фыдæл
Авраам йæ фырт Исаакы нывондхæссæныл
куы æрæвæрдта, уæд Хуыцау Авраамы йæ
хъуыддæгты фæрцы не сраст кодта, æви?
22Куыд уыныс, афтæмæй йæ уырнындзинад
æмæ йæ хъуыддæгтæ фæрсæй-фæрстæм цы-
дысты, хъуыддæгты фæрцы йæ уырнындзи-
над сси æнаипп. 23Афтæ сæххæст, Сыгъдæг
Фыст цы зæгъы, уый: «Авраам бауæндыди
Хуыцауыл, æмæ йæ уый тыххæй Хуыцау
банымадта рæстгæнæгыл». Æмæ Авраамы
схуындæуыд Хуыцауы хæлар.
24Куыд уынут, афтæмæй Хуыцау адæй-
маджы сраст кæны æрмæст уырнындзина-
ды фæрцы нæ, фæлæ хъуыддæгты фæрцы
дæр. 25Афтæ, хæтаг сылгоймаг Рахав дæр
сгарджыты куы суазæг кодта æмæ сæ æдас
фæндагыл куы арвыста, уæд æй Хуыцау йæ
хъуыддæгты фæрцы не сраст кодта, æви?
26Уæдæ буар æнæ удæй мард куыд у, аф-
тæ уырнындзинад дæр æнæ хъуыддæгтæй
мард у.

**3** Ме ’фсымæртæ, иууылдæр ахуыргæнджы-
тæ суæвынмæ ма тырнут. Махæй, ахуыргæн-
джытæй, карздæрæй кæй æрдомдæуыдзæн,
уый сымахæн зындгонд у. 2Уымæн æмæ
мах не ’ппæт дæр арæх тæригъæды бацæ-
уæм. Дзыхы ныхасæй тæригъæды чи нæ
цæуы, уый у алцæмæй дæр æххæст адæй-
маг æмæ йæ бон у йе ’ппæт буары рохтыл
хæцын дæр. 3Цæмæй бæх нæ коммæ кæ-
са, уый тыххæй йын идоны къæбæлтæ йæ

дзыхы куы бакæнæм, уæд нæ бар фæцæуы
йе 'ппæт буарыл дæр. 4Кæс-ма, наутæ дæр
кæд цыфæнды стыр сты æмæ сæ тыхджын
дымгæтæ размæ скъæрынц, уæддæр сæ гыц-
цыл здахæн саразы, наутæрæджы кæдæм
фæфæнды, уыцырдæм. 5Афтæ æвзаг дæр:
хæрз гыццыл уæнг у, фæлæ йын тынг бирæ
æнтысы. Кæс-ма, хæрз гыццыл зынгæй цы
стыр арт сирвæзы! 6Æвзаг дæр у зынг, фыд-
былызы дунейы æнгæс. Æвзаг нæ буары
иннæ уæнгты æхсæн ахæм у, æмæ фæчъизи
кæны æгас буар дæр, арт бафтауы не 'ппæт
цардыл, йæхæдæг та зындоны артæй ссудзы.
7Адæймагæн йæ бон у алы сырдты æмæ
мæргъты, хилджыты æмæ денджызон цæ-
рæгойты йæ дæлбар бакæнын, æмæ сæ йæ
дæлбар дæр кæны. 8Æвзаджы та йæ дæл-
бар бакæнын адæмæй никæй бон у. Уый у,
бауромæн кæмæн нæй, ахæм фыдбылыз,
мæлæтхæссæг маргæй йемыдзаг. 9Дуне-
дарæгæн, нæ Фыдæн, цы æвзагæй арфæ
кæнæм, уыцы æвзагæй æлгъитæм, Хуыцауы
æнгæс кæй сфæлдыстæуыд, уыцы адæмы
дæр. 10Иу дзыхæй рацæуы арфæ æмæ æл-
гъыст. Ме 'фсымæртæ, уый хъуамæ афтæ ма
уа. 11Уыцы иу суадонæй гуырынц, мыййаг,
адджын дон дæр æмæ маст дон дæр? 12Ме
'фсымæртæ, легъуи бæласыл, мыййаг, оливæ
бæласы гагатæ æрзайдзæни, сæнæфсирыл
та — легъуийы дыргътæ? Афтæ цæхджын
суадонæй дæр адджын дон нæ гуыры.
13Сымахæй зонджын æмæ æмбаргæ исчи
у? Кæд æцæг ахæм у, уæд æй равдисæд йæ
нывыл цардæй, зондæй гуырæг æвæлмас-
дзинадæй. 14Фæлæ кæд уæ зæрдæ хæлæг
æмæ хи уарзынæй æмыдзаг у, уæд ма æппæ-
лут уæхицæй æмæ æцæгад ма æмбæхсут уæ
гæды ныхæсты ауон. 15Уый нæу уæларвæй
æрцæугæ зонд, фæлæ у зæххон, тæригъæд-
джын æрдзыхъæдæй рацæугæ, хæйрæджы
лæвæрд. 16Уымæн æмæ хæлæгдзинад æмæ
хирвæссондзинад кæм уа, уым уыдзæни
змæст æмæ алы æвзæр митæ. 17Уæларвæй
æрцæугæ зонд та фыццаджыдæр у сыгъ-
дæг, стæй у фидауынгæнæг, сæрныллæг,
коммæгæс, фæлмæнзæрдæ, йæ хъуыддæг-
ты дыргътæ сты хорз, никæй хъулон кæны,
цæстмæмитæ йæм нæй. 18Уыцы дыргътæ сты,
фарнимæ чи тауы, уыцы фидауынгæнджыты
рæстады мыггагæй.

**4** Сымахмæ фыдæх æмæ хъаугъатæ кæцæй
ис? Уæ мидæг кæрæдзиимæ цы монцтæ тох
кæнынц, уыдон сæ нæ расайынц, æви? 2Бæл-
лут цæмæдæр — æмæ уын нæй; марут æмæ
хæлæг кæнут, фæлæ уæддæр уæ бон йæ рай-
сын нæу. Кæрæдзимæ хæссут фыдæх, хъаугъа
кæнут; цы уæ хъæуы, уый нæ райсут, уымæн
æмæ нæ курут. 3Куы фæкурут, уæд нæ райсут,
уымæн æмæ хорзæхæн нæ курут, фæлæ уæ
монцтæ бафсадынæн. 4Хуыцауы ныууадзæг
адæм! Дунеимæ хæларæй цæрын Хуыцауæн
знаггад кæнын кæй у, уый нæ зонут, æви?
Уæдæ дунеимæ хæларæй цæрын чи равзара,
уый Хуыцауæн свæййы знаг. 5Æви сымах аф-
тæ æнхъæлут, æмæ Сыгъдæг Фыст дзæгъæлы
зæгъы: «Хуыцау нæ зæрдæты Кæй æрцæрын
кодта, уыцы Уд мах афтæ бирæ уарзы, æмæ Йæ
фæнды, æрмæстдæр Уый дæлбар куыд уæм»?
6Уыйхыгъд нын Хуыцау ноджы фылдæр
хорзæх дæтты. Уымæ гæсгæ Сыгъдæг Фыст
зæгъы:

«Хуыцау сæрыстыртæн сæ ныхмæ у,
сæрныллæджытæн та хорзæх дæтты».

7Уæдæ басæттут Хуыцауы раз, æрлæууут
хæйрæджы ныхмæ æмæ уæ алидздзæн. 8Æр-
бахæстæг ут Хуыцаумæ, æмæ уæм æрбахæстæг
уыдзæн. Ссыгъдæг кæнут уæ къухтæ, тæри-
гъæдджынтæ; æрæхсут уæ зæрдæтæ, уæ ды-
зæрдыгтæ аиуварс кæнут. 9Хъыг кæнут, кæут
æмæ дзыназут. Уæ худын раивут кæуынæй, уæ
цин — хъыгæй. 10Бардарæджы раз æрныллæг
кæнут уæхи æмæ уæ сбæрзонд кæндзæн.
11Кæрæдзиуыл цъыф ма калут, æфсымæр-
тæ. Йе 'фсымæрыл цъыф чи калы кæнæ йе
'фсымæрæн чи тæрхон кæны, уый æгъдау фа-
уы æмæ йын тæрхон хæссы. Кæд æгъдауæн
тæрхон хæссыс, уæд æгъдау æххæстгæнæг нæ
дæ, фæлæ тæрхонгæнæг. 12Æгъдауæвæрæг
æмæ Тæрхонгæнæг ис æрмæстдæр иу, Йæ бон
у фервæзын кæнын дæр æмæ фесафын дæр.
Ды та чи дæ, æмæ хионæн тæрхон кæнай?
13Ныр та байхъусут сымах, афтæ зæгъ-
джытæ: «Абон кæнæ райсом ацæудзыстæм
ахæм æмæ ахæм сахармæ, фæцæрдзыстæм
дзы афæдз, кæндзыстæм сæудæджер æмæ
райсдзыстæм æфтиаг». 14Афтæмæй та, рай-
сом цы æрцæудзæн, уый нæ зонут. Цы у
уæ цард? Сымах стут донытæфау, исдуг чи
фæзыны æмæ стæй чи æрбайсæфы. 15«Бар-
дарæджы куы бафæнда, уæд мах уыдзыстæм
удæгас æмæ сараздзыстæм уый дæр æмæ
уый дæр», — афтæ дзурыны бæсты 16сымах
фыр хъалæй уæхицæй æппæлут. Алы ахæм
хиппæлой ми дæр фыдбылыз у. 17Уæдæ хорз-
дзинад аразын кæй хъæуы, уый чи æмбары
æмæ йæ нæ кæны, уымæн уый тæригъæд у.

**5** Байхъусут сымах, бонджынтæ. Кæут æмæ
дзыназут, цы бæллæхтæ уæ æрæййафынц,

уыдоны тыххæй. 2Уæ мулк бамбыди, уæ да-
рæс уын бахордта рæмпæг. 3Уæ сыгъзæрин
æмæ æвзист сызгæ сты, се згæ уæ ныхмæ
æвдисæн уыдзæн æмæ уын артау бахæр-
дзæн уæ буар. Уæ хæзнатæ æрæмбырд код-
тат рæстæджы кæрон! 4Уæ хуымтæ уын чи
ныккарста, уыцы кусджыты мызд уæхи
бакодтат, æмæ уыдон æрдиаг кæнынц хъæ-
лæсыдзагæй. Уыцы хуымгæрдджыты хъаст
сыхъуысти Уæларвæфсады Бардарæгмæ.
5Сымах хъалæй цардыстут зæххыл, уæ уды
дзæбæхæн; уæхи хорз схастат уе 'ргæвдыны
бонмæ. 6Сымах рæстгæнджытæн тæрхон куы
хастат æмæ сæ куы мардтат, уæд уын уыдон
та ныхкъуырд нæ лæвæрдтой.

7Уæдæ, æфсымæртæ, Бардарæджы æрцыд-
мæ æнхъæлмæ кæсут фæразонæй. Мæнæ
зæхкусæг фæразонæй æнхъæлмæ кæсы зæх-
хы зынаргъ бæркадмæ, цалынмæ фæззыгон
æмæ уалдзыгон уарынтæ æрцæуой, уæдмæ.
8Фæразонæй æнхъæлмæ кæсут сымах дæр,
фидар фæлæууут, уымæн æмæ Бардарæджы
æрцыдмæ бирæ нал баззади. 9Кæрæдзийæ
хъаст ма кæнут, æфсымæртæ, æмæ тæр-
хонгонд ма уат. Тæрхонгæнæг ыридæгæн
къæсæрыл лæууы. 10Ме 'фсымæртæ, Барда-
рæджы номæй чи дзырдта, уыцы пехуым-
партæ хъизæмæрттæн куыд фæразон уы-
дысты, афтæ фæразон ут сымах дæр. 11Мах
амондджыныл нымайæм, хъизæмæрттæн
кæронмæ чи бафæрæзта, уыдоны. Сымах
фехъуыстат, Иов фæразон кæй разынди,
уый тыххæй, стæй зонут, Дунедарæг ын цы
царды кæрон балæвар кодта, уый, уымæн
æмæ Дунедарæг хорзæхджын æмæ фæл-
мæнзæрдæ у.

12Уæлдайдæр, ме 'фсымæртæ, ма сомы
кæнут нæдæр арвæй, нæдæр зæххæй, нæдæр
æндæр истæмæй. Фæлæ уæ «о» хъуамæ уа «о»,
уæ «нæ» та — «нæ», æмæ тæрхонгонд ма уат.

13Хъизæмар уæ исчи æвзары? Кувæд.
Амондджын уæ исчи у? Зарæд Хуыцауæй
æппæлæн зарджытæ. 14Рынчын уæ исчи у?
Фæдзурæд аргъуаны хистæртæм. Уыдон æй
Бардарæджы номыл байсæрддзысты оливæ-
йы сойæ æмæ йын скувдзысты. 15Æмæ, йæ
бындуры уырнындзинад кæмæн ис, уыцы
куывдæй сдзæбæх уыдзæн рынчын, æмæ
йæ Бардарæг слæууын кæндзæн йæ къахыл.
Кæд тæригъæд ракодта рынчын, уæд ын ха-
тыргонд уыдзæни. 16Уæдæ уæ тæригъæдтæ
æргом кæнут кæрæдзийæн, кувут кæрæдзи-
йы тыххæй æмæ сæнæниз уат. Рæстгæнæджы
зæрдиаг куывды бон бирæ у. 17Илийа мах
хуызæн адæймаг уыди. Фæлæ уарын цæмæй
ма уа, уый тыххæй зæрдиагæй ракуырдта
Хуыцауæй, æмæ æртæ азы æмæ æхсæз мæ-
йы зæхмæ иу æртах дæр не 'рхауд. 18Стæй,
ногæй куы бакуывта, уæд æрцыд къæвда,
æмæ зæхх радта хор.

19Ме 'фсымæртæ, исчи уæ æцæгадæй
куы адзæгъæл уа æмæ йæ иннæ куы раз-
даха, 20уæд зонæд: чи адзæгъæл ис, ахæм
тæригъæдджыны раздахæг ын мæлæтæй
фервæзын кæндзæн йæ уд, æмæ йын барст
æрцæудзысты бирæ тæригъæдтæ.

# Апостол Петры фыццаг фыстӕг

Апостол Петр йӕ фыццаг фыстӕг, ӕвӕццӕгӕн, Ромӕй ныффыста. Ӕххуыс ын кодта, нымӕрдарӕй йын чи ныллӕууыд, уыцы Силӕ. Фыстӕг ӕрвыст у, Чысыл Азийы (нырыккон Турчы) цӕгатаг хайы Павелы амынды фӕрцы цы чырыстон ӕхсӕнӕдтӕ фӕзынд, уыдонмӕ.

Уӕды заман чырыстӕттӕн сӕ уавӕр уыди тынг уӕззау: сӕ дины тыххӕй сӕ ӕфхӕрдтой. Уыдон иудадзыг уыдысты ахӕм уавӕрты, ӕмӕ сӕ хъуыди сӕ уырнындзинады сӕраппонд тох кӕнын.

Петр, Чырыстийыл чи ӕууӕндыд, уыцы уырнӕг адӕмӕн дзырдта, уыдон дӕр Йесойы хуызӕн хъуамӕ цӕттӕ кӕй уой фӕразон уӕвынмӕ. Хуыцау сӕ ӕнӕмӕнг схорзӕхджын кӕндзӕн сӕ иузӕрдиондзинады тыххӕй ӕмӕ Йыл чи ӕууӕнды, уыдонӕн царды ӕппӕт зындзинӕдтӕ ӕмӕ тӕссаг уавӕртӕн бабыхсыны хъару ратдзӕнис.

---

**1** Петрӕй, Йесо Чырыстийы апостолӕй, —
Понты, Галатийы, Каппадокийы, Азийы ӕмӕ
Вифинийы чи ныххӕлиу, ӕцӕгӕлонау дзы
чи цӕры, Хуыцауы уыцы ӕвзӕрстытӕм.
2Нӕ Фыд Хуыцау зыдта рагацау ӕмӕ уӕ
срухс кодта Йӕ Удӕй, цӕмӕй Йесо Чырыс-
тийӕн уат коммӕгӕс ӕмӕ ссыгъдӕг уат
Йӕ Тугӕй. Хуыцауы стыр хорзӕхӕй ӕмӕ
фарнӕй ноджы фылдӕр хайджын цы уат,
ахӕм арфӕ уӕ уӕд.
3Арфӕгонд у нӕ Бардарӕг Йесо Чырыс-
тийы Хуыцау ӕмӕ Фыд. Йесо Чырыстийы
мӕрдтӕй кӕй райгас кодта, уымӕй нын Йе
стыр хорзӕхмӕ гӕсгӕ радта ног цард ӕмӕ
ӕнӕфӕцудгӕ зӕрдӕдарӕн — 4фесӕфӕн
кӕмӕн нӕй, рӕстӕджы бар кӕуыл нӕ цӕ-
уы, ахӕм бынтӕ уӕлӕрвты ӕвӕрдӕй лӕу-
уынц сымахӕн. 5Уырнындзинад уӕм кӕй
ис, уымӕ гӕсгӕ Хуыцау сымах Йӕ хъаруйӕ
хъахъхъӕны, цалынмӕ уӕ фервӕзын кӕна,
уӕдмӕ. Уыцы ирвӕзындзинад цӕттӕ у, ӕмӕ
йӕ Хуыцау раргом кӕндзӕни рӕстӕджы
кӕрон. 6Ӕмӕ цин кӕнут уыдӕтты тыххӕй,
ныртӕккӕ уӕ алыхуызон фӕлварӕнты ис-
дуг хъыг бавзарын куы бахъӕуы, уӕд дӕр.
7Сыгъзӕрин фӕразы артӕн, фӕлӕ уӕддӕр
ӕнусон нӕу; сыгъзӕринӕй зынаргъдӕр чи
у, уӕ уыцы фӕлтӕрд уырнындзинад рап-
пӕлыны, намыс ӕмӕ кады аккаг уыдзӕн,
Йесо Чырысти куы 'рцӕуа, уӕд. 8Сымах уӕхи
цӕстӕй нӕ федтат Чырыстийы, фӕлӕ Йӕ
уарзут, ӕмӕ Йӕ кӕд ныртӕккӕ нӕ уынут,
уӕддӕр Ыл ӕууӕндут ӕмӕ уӕ цин у, зӕгъӕн
кӕмӕн нӕй, ахӕм. 9Уымӕн ӕмӕ уӕ къухы
ӕфты, уырнындзинад сымах цӕмӕ хъуамӕ
ӕркӕна, уый — уӕ удты ирвӕзындзинад.
10Уыцы ирвӕзындзинад иртӕстой пеху-
ымпартӕ ӕмӕ рагагъоммӕ загътой, сы-
махӕн нысангонд цы хорзӕх уыди, уый
тыххӕй. 11Уыдон архайдтой, хайджын Кӕ-
мӕй уыдысты, Чырыстийы уыцы Уд сын
рагагъоммӕ Чырыстийы хъизӕмӕртты ӕмӕ
Йӕ фӕстӕдӕры кады тыххӕй куы дзырдта,
уӕд сын цы рӕстӕгмӕ ӕмӕ уавӕрмӕ амыд-
та, уый базоныныл. 12Хуыцау сын раргом
кодта, сӕ лӕггад сӕхи пайдайӕн нӕ, фӕлӕ
уӕ сӕраппонд кӕй уыди. Ӕмӕ уыдон цы
дзырдтой, уый уын ныр фехъусын кодта
уӕларвӕй ӕрвыст Сыгъдӕг Уд — Цины Уац
чи хӕссы, уыдоны уылты. Уыцы сусӕгдзи-
над арф банкъарынмӕ суанг зӕдтӕ дӕр
тырнынц.
13Уымӕ гӕсгӕ уӕ зонд кӕддӕриддӕр уӕд
ӕвронг ӕмӕ цӕттӕ уӕд архайынмӕ. Уӕ зӕр-
дӕ фидарӕй дарут, Йесо Чырысти куы 'рцӕ-
уа, уӕд цы хорзӕх райсдзыстут, ууыл. 14Ут
коммӕгӕс хъӕбултау — Хуыцауы куы нӕма
зыдтат, уӕд уӕм цы монцтӕ уыди, уыдоны
фӕдыл ма цӕут, 15фӕлӕ уӕ Ӕрхонӕг куыд
сыгъдӕг у, уӕхӕдӕг дӕр алы хъуыддаджы
дӕр ут афтӕ сыгъдӕг. 16Сыгъдӕг Фыст дӕр
афтӕ зӕгъы: «Ут сыгъдӕг, уымӕн ӕмӕ Ӕз
сыгъдӕг дӕн».
17Чи никӕй хъулон кӕны, алкӕмӕн дӕр йӕ
хъуыддӕгтӕм гӕсгӕ Чи хӕссы тӕрхон, кӕд
Уый уӕ Фыд хонут, уӕд ӕцӕгӕлон бӕсты
уӕ цард ӕрвитут афтӕ, ӕмӕ уӕм Хуыцауы
тас куыд уа. 18Уымӕн ӕмӕ сымах зонут:
уӕ фыдӕлтӕй уын цы ницӕйаг цард баз-
зад, уымӕй уӕ балхӕдӕуыди, рӕстӕг кӕй
бахӕрдзӕн, ахӕм ӕвзист кӕнӕ сыгъзӕ-
ринӕй нӕ, 19фӕлӕ ӕнаипп ӕмӕ сыгъдӕг

Уæрыччы — Чырыстийы зынаргъ Тугæй.
20 Уый сæвзæрстæуыд дуне сфæлдисыны
размæ, æмæ сымах сæраппонд раргом рæс-
тæджы кæрон. 21 Йæ фæрцы сымах бауухæн-
дыдыстут Хуыцауыл. Уый Йæ райгас кодта
мæрдтæй æмæ Йын радта кад, цæмæй сымах
Хуыцауыл бауухæндат æмæ Йыл уæ зæрдæ
дарат.

22 Æцæгадæн йæ коммæ бакæсыны руаджы
сымах уæ зæрдæтæ ссыгъдæг кодтат, цæмæй
зæрдиагæй уарзат уе 'фсымæрты. Уæдæ кæ-
рæдзийы бауарзут зæрдиагæй. 23 Уымæн æмæ
сымах ногæй райгуырдыстут, мæлæты бар
кæуыл цæуы, уыцы адæймаджы мыггагæй
нæ, фæлæ Хуыцауы цардæгас æмæ æнусон
ныхасы руаджы. 24 Сыгъдæг Фыст зæгъы:

«Адæймаг кæрдæджы хуызæн у,
йæ кады æрттывд — быдираг диди-
нæджы æнгæс:
кæрдæг бахус ис, æмæ дидинæг
æрызгъæлди,
25 Дунедарæджы дзырд та баззайдзæн
æнустæм».

Уыцы Дзырд та, цы Фарны Уац фехъуыс-
тат, уый у!

**2** Уæдæ ныууадзут алы хæрам, хин, цæст-
мæми, хæлæг æмæ фыдгой. 2 Ноггуырд са-
битау кæддæриддæр уæ зæрдæ агурæд удæн
царддæттæг монон сыгъдæг æхсыр — рæзты
хос уын куыд уа уæ фервæзынæн, афтæ.
3 Уымæн æмæ сымах базыдтат Бардарæджы
хорзæхы ад. 4 Адæм Кæуыл нæ барвæссы-
дысты, фæлæ Хуыцау Кæй сæвзæрста æмæ
Йын зынаргъ Чи у, æрцæут уыцы Чырысти-
мæ — цардæгас Дурмæ. 5 Æмæ сымах дæр
цардæгас дуртау уæхи раттут Хуыцауæн,
уæхицæй лæггады хæдзар самайынæн; уы-
дзыстут дзы сыгъдæг кусджытæ æмæ Йын
Йесо Чырыстийы фæрцы хæсдзыстут фæн-
диаг нывæндтæ — лæггад Ын кæндзыстут
Сыгъдæг Удæй разæнгардæй. 6 Сыгъдæг фыст
дæр уымæн афтæ зæгъы:

«Мæнæ Æз Сионы æвæрын
сæрæвæрæн —
æвзæрст зынаргъ дур,
чи Йыл æууæнды — нæ фегад
уыдзæн».

7 Уæдæ Уый сымахæн, уырнджытæн, хæзна
у, æнæуырнджытæн та —

«аразджытæ цы дурыл нæ
барвæссыдысты,
уый сси фисыны сæйраг дур»

8 æмæ:

«Кæуыл фæкæлдзысты, уыцы Дур,
цæлхдур сын Чи суыдзæн, уыцы
Къæдзæх».

Æмæ æцæгæйдæр фæкæлынц, уымæн
æмæ не 'ууæндынц Сыгъдæг Фыстыл. Афтæ
сын нывгонд у.

9 Сымах та стут æвзæрст мыггаг, Паддзахы
уаз лæггадгæнджытæ, сыгъдæг адæм, Хуы-
цауы исбон, талынгæй Йæ диссаджы рухсмæ
кæй ракодта æмæ Йæ алæмæты хъуыддæгтæ
хъусын кæнынмæ кæмæ фæсидти, Йæ уыцы
æвзæрстытæ.

10 «Кæддæр адæм нæ уыдыстут,
ныр та — Хуыцауы адæм.
Кæддæр Ын Йæ хорзæх нæ зыдтат,
ныр та дзы хайджын стут».

11 Мæ уарзон хæлæрттæ, курын сымахæй,
æцæгæлон бæсты рæстæгмæ цæрджытæй:
уæ тæригъæдджын æрдзыхъæды монцты
коммæ ма кæсут — уыдон уæ уды ныхмæ
тох кæнынц. 12 Муртаттæгты æхсæн уæ цард
уæд фæзминаг. Фыдгæнджытæ уæ чи хоны,
уыдон уыл кæд цъыф калынц, уæддæр уын
уæ хорз хъуыддæгтæ уындзысты æмæ скад
кæндзысты Хуыцауæн, куы 'рцæуа, уæд.

13 Бардарæджы сæраппонд коммæгæс ут,
кæй бар уыл цæуы, уыдонæй алкæмæн дæр:
паддзахæн — уæлдæр хицауиуæггæнæгæн,
14 фыдгæнджыты бафхæрыны æмæ хæрзгæн-
джыты барæвдауыны тыххæй паддзах кæй
сæвæры, уыцы хицæуттæн. 15 Уымæн æмæ
Хуыцауы афтæ фæнды, цæмæй уæ хорз хъу-
ыддæгтæй кæрон сæвæрат æнæзонд адæмы
æнæфенд ныхæстæн. 16 Кæд сæрибар адæм
стут, уæддæр уæхи хизут, цæмæй уæ сæри-
бар æвзæр митæн æмбæрзæны хуызæн ма
суа, уымæн æмæ сымах Хуыцауы лæггад-
гæнджытæ стут. 17 Аргъ кæнут алкæмæн
дæр, уарзут æфсымæрты, тæрсут Хуыцауæй,
нымайут паддзахы.

18 Цагъартæ, нымайут уæ хицæутты æмæ
сын ут коммæгæс, стæй, зæрдæхæлар æмæ
æвæлмас чи у, æрмæст уыдонæн нæ, фæ-
лæ тызмæгтæн дæр. 19 Уымæн æмæ исчи
æназымæй æфхæрд æмæ хъизæмæрттæ
куы æвзара æмæ, йæ зæрдæ Хуыцауимæ
кæй ис, уый сæраппонд куы быхса, уæд
уый Хуыцауæн фæндон у. 20 Уе 'взæр хъуыд-
дæгты тыххæй æфхæрд куы æййафат æмæ
куы быхсат, уæд дзы раппæлинагæй цы ис?
Фæлæ кæд хорз хъуыддæгтæ аразут, афтæ-
мæй хъизæмар æвзарут æмæ стут фæразон,
уæд уый Хуыцауæн фæндон у — 21 Хуыцау
уæ уый тыххæй сæвзæрста. Уымæн æмæ
Чырысти дæр хъизæмар бавзæрста сымах
сæраппонд æмæ уын у фæзминаг, цæмæй

цæуат Йæ фæдыл. [22]Чырысти тæригъæд ни-
куы сарæзта, æмæ Йæ дзыхæй мæнг ныхас
никуы рацыди.
[23]Дзырдтой Йын æфхæрæн ныхæстæ,
фæлæ сын уый æнгæс дзуапп нæ лæвæрдта,
хъизæмарæй Йæ мардтой, фæлæ сæ ни-
кæмæ бартхъирæн кодта — Йæхи бакодта
æнæхæрам Тæрхонгæнæджы бар. [24]Уый
нын нæ тæригъæдтæ Йæ буаримæ систа
дзуармæ, цæмæй амæлæм тæригъæдæн
æмæ цæрæм рæстадæн. Сымах Йæ хъæд-
гæмттæй сдзæбæх стут. [25]Уымæн æмæ
сымах уыдыстут дзæгъæл фыстау, фæлæ
ныр раздæхтыстут уæ Фыййау æмæ уæ
Мæтгæнæгмæ.

**3** Афтæ сымах дæр, устытæ, кæсут уæ лæг-
ты коммæ, Хуыцауы Дзырдыл дзы йæхи чи
тигъ кæны, цæмæй уыдонæн зæгъын дæр
ма бахъæуа, афтæмæй йыл баууæндой, сæ
бинойнæгты цардмæ кæсгæйæ, [2]уымæн æмæ
фендзысты, сымах кæй цæрут сыгъдæгæй
æмæ уæм кæй ис Хуыцауы тас.
[3]Уæ рæсугъддзинад æддаг бакастæй —
дзыккуты фаст, сыгъзæрин фæлындæнтæ
æмæ аив дарæсæй — ма уæд, [4]фæлæ уæ зæр-
дæйы уаг, Хуыцауы цæсты бæрзонд æвæрд
чи у, уыцы сабыр æмæ æвæлмон удыхъæды
æнæмæлгæ рæсугъддзинадæй. [5]Хуыцауыл
йæ зæрдæ чи дардта, уыцы сыгъдæг сыл-
гоймæгтæ дæр рагзаманы фидауцджын
уыдысты, сæ лæгты коммæ кæй кастыс-
ты, уымæй. [6]Афтæ Саррæ уыд Авраамæн
коммæгæс æмæ йæ хуыдта йе 'лдар. Кæд
сымах хорз хъуыддæгтæ аразут æмæ уыл
фæстæмæ ницавæр тас хæцы, уæд Саррæйы
хъæбултæ стут.
[7]Сымах дæр, лæгтæ, цæрут уæ устытимæ,
уыдон лæмæгъдæр кæй сты, уый æмбаргæйæ.
Нымайут сæ, уымæн æмæ уыдон дæр уемæ
райсдзысты Хуыцауы хорзæх — мыггагмæ-
йы цард. Уæд уæ куывд нæ фæкъуылымпы
уыдзæн.
[8]Уæдæ уе 'ппæт дæр ут æмзонд, кæрæдзи-
йы мæт æмæ цинæй хайджын, æфсымæру-
арзаг, зæрдæхæлар, сæрныллæг. [9]Фыдæх ма
фидут фыдæхæй, æфхæрæн ныхас — æф-
хæрæн ныхасæй. Уый нæ, фæлæ Хуыцауæй
курут хорзæх æфхæрджытæн — Хуыцау сы-
махмæ уый тыххæй фæсидти. Æмæ уыл уæд
æрцæудзæн Йæ хорзæх.

[10]Уымæн æмæ
«тæхудиаг цардæй цæрын,
амондджын бонтæ æрвитын кæй
фæнды,
уый ма уæд маргæвзаг,
йæ дзыхæй ма рацæуæд мæнг ныхас,
[11] ныууадзæд фыдæх
æмæ аразæд хорз хъуыддæгтæ,
зæрдиагæй тырнæд фидыдмæ.
[12] Бардарæг уыны рæстгæнджыты
æмæ сын хъусы сæ куывд;
фыдгæнджытæн та Хуыцау сæ ных-
мæ у».

[13]Хорз хъуыддæгтæм куы тырнат, уæд
уын фыдбылыз чи хъуамæ сараза? [14]Фæлæ
кæд Хуыцауæн фæндон хъуыддæгты тых-
хæй тухæн æвзарут, уæд тæхудиаг стут; уе
'фхæрджытæ уæ цæмæй тæрсын кæнынц,
уымæй та ма тæрсут æмæ ма тыхсут.
[15]Зæрдæбынæй кад кæнут Чырыстийæн —
уæ Бардарæгæн. Уæ ныфсы бындурæй уæ
чи фæрса, уымæн кæддæриддæр цæттæ
ут æвæлмасæй æмæ Хуыцауæй тæрсгæйæ
дзуапп раттынмæ. [16]Уæ цæсгомыл къæм
абадын ма бауадзут, æмæ фæхудинаг уой, уæ
дзæбæх чырыстон цардыл цъыф чи калы, уы-
дон. [17]Уымæн æмæ Хуыцауы фæндæй иугæр
хъизæмар бавзаргæ куы уа, уæд æй æвзæр
хъуыддæгты бæсты фæлтау хорз хъуыддæг-
ты тыххæй бавзар. [18]Уымæн æмæ Чырысти
дæр мах Хуыцаумæ æрхоныны охыл уыцы
хъизæмар бавзæрста — Йæхæдæг æназым
уыди, афтæмæй азымджынты сæраппонд
амарди уыдоны тæригъæдты тыххæй. Йæ
буар Ын амардтой, фæлæ Йæ Уд райгас кодта.
[19]Уды хъомысимæ ацыд æмæ пехуымпари-
уæг кодта ахст удтæн, — [20]кæддæр Хуыцауæн
чи нæ басаст, уыдонæн. Хуыцау сын быхста
æмæ æнхъæлмæ касти, цалынмæ Ной нау
арæзта, уæдмæ. Уыцы науы æрмæст цалдæ-
рæй — аст адæймаджы — фервæзтысты доны
фæрцы. [21]Уыцы дон фæсномыгæй амыдта
донаргъуыдмæ; донаргъуыд та у буары чъизи
æрæхсын нæ, фæлæ Хуыцауæн сыгъдæг цæс-
гомимæ цæрыны тыххæй зæрдæ бавæрын.
Донаргъуыд абон сымах ирвæзын кæны
Йесо Чырыстийы райгасы фæрцы — [22]Уый
ацыд уæларвмæ, бады Хуыцауы рахизфарс,
Йæ дæлбар сты æппæт уæларвон зæдтæ, ба-
радтæ æмæ тыхтæ.

**4** Чырысти буарæй хъизæмæрттæ кæй бав-
зæрста, уымæ гæсгæ сымах дæр Йæ цæс-
тæй кæсут хъизæмæрттæм æмæ уымæй
ифтонг кæнут уæхи, уымæн æмæ буарæй

**3:21** Ацы бынат тæлмац кæнынц афтæ дæр: *Уыцы дон фæс-номыгæй амыдта донаргъуыдмæ; донаргъуыд та буары чъизи æрæхсын нæу, фæлæ у Хуыцаумæ сыгъдæг цæсгомы тыххæй кувын.*

хъизæмаргæнæг тæригъæды нал цæуы —
2буары цæрынæн ма йын цы рæстæг баззади,
уый æрвиты адæймаджы тæригъæдджын
мондæгтæ уадзгæйæ нæ, фæлæ Хуыцауæн
фæндиагæй. 3Æгъгъæд уын фæуæд, ивгъуыд
заман мурталттæгты æгъдæуттæм гæсгæ цы
фæцардыстут, уый — уыдыстут хæлд адæм,
чъизи монцтæ, фыднозт æмæ æнæуаг миты
уацайрæгтæ, куывтат æлгъаг мæнгхуыцæут-
тæн. 4Æмæ сын ныр сæ хæлд хъуыддæгты
цъымарайы кæй нал ныгъуылут, уый сæ
æфтауы дисы æмæ уыл цъыф калынц. 5Уы-
дон дзуапп ратдзысты, удæгæстæн æмæ
мæрдтæн тæрхон рахæссынмæ цæттæ Чи
у, Уымæн. 6Уый тыххæй æрцыд Фарны Уац
мæрдтæн дæр хъуыстгонд. Цæмæй, кæд
æмæ, адæймаг уæвгæйæ, уыдонæн тæрхо-
нæй аирвæзæн нæй, уæддæр уды æгъдауæй
цæрой Хуыцауимæ.
7Рæхджы алцæмæн дæр уыдзæни кæрон.
Уæдæ ут хæдзонд, кæддæриддæр уæхи цæт-
тæ дарут æмæ кувут. 8Фыццаджыдæр кæрæ-
дзийы уарзут зæрдиагæй, уымæн æмæ уар-
зондзинад бирæ тæригъæдтæ хатыр кæны.
9Кæрæдзийы-иу суазæг кæнут зæрдиагæй,
æнæ хъуыр-хъуырæй. 10Сымахæй алкæмæн
дæр рардæуыд йæхи курдиат, æмæ уæ ал-
чидæр Хуыцауы лæвæрд уыцы алыхуызон
хорзæхтæй раст пайда кæнæд кæрæдзийæн
лæггады охыл. 11Чи амоны, уый амонæд Ху-
ыцауы ныхас; чи лæггад кæны, уый лæггад
кæнæд, Хуыцау ын цы хъару дæтты, уымæй —
уæ алы хъуыддагæй дæр Йесо Чырыстийы
фæрцы Хуыцау куыд скадджын уа, афтæ.
Кад æмæ Йын паддзахад уæд мыггагæй-
мыггагмæ! Аммен.
12Мæ уарзон хæлæрттæ, уæ бафæлварыны
тыххæй фыдæвзарæнты кæй æфтут, уый
уæм диссаг ма кæсæд, цыма уыл цыдæр
æнахуыр хъуыддаг æрцыди, уыйау. 13Фæлæ
цин кæнут, Чырыстийы тухæнтæй хайджын
кæй стут, ууыл æмæ хъæлдзæг æмæ зæр-
дæрухс уыдзыстут, Йæ кад куы раргом уа,
уæд. 14Кæд уыл Чырыстийы номы тыххæй
цъыф калынц, уæд тæхудиаг стут, уымæн
æмæ намысджын Уд — Хуыцауы Уд — уæ
зæрдæты ис. [Уыдон Æй фауынц, сымах та
Йæ кадджын кæнут.] 15Æрмæст марыны,
кæнæ давыны, кæнæ æндæр фыдракæнды,
кæнæ искæй хъуыддæгтæн тæрхонгæнæг
кæй сси, уый тыххæй уæ мачи баййафæд.
16Фæлæ, чырыстон кæй у, кæд уый тыххæй
исчи хъизæмар кæны, уæд æм худинаг ма
кæсæд, фæлæ стауæд Хуыцауы, цы ном хæс-
сы, уый тыххæй.
17Уымæн æмæ ралæууыд Тæрхоны рæстæг.
Æмæ райдайдзæн Хуыцауы хæдзарæй. Уæдæ
кæд тæрхон махæй райдайдзæн, уæд Хуы-
цауы Фарны Уацæн чи нæ сæтты, уыдонæн
та сæ кæрон цавæр уыдзæн?
18«Кæд рæстгæнæг зынтæй ирвæзы,
уæд æнæхуыцау тæригъæдджын та цы
фæуыдзæн?»
19Уæдæ, Хуыцауы фæндонмæ гæсгæ хъизæ-
мар чи æвзары, уыдон сæхи бафæдзæхсæнт
иузæрдион Сфæлдисæгыл æмæ дарддæр дæр
хорз хъуыддæгтæ аразæнт.

**5** Фыссын уæ аргъуаны хистæртæм. Æз дæр
дæн аргъуаны хистæр, Чырыстийы хъизæ-
мæрттæн æвдисæн æмæ, цы кад хъуамæ
раргом уа, уымæй чи схайджын уыдзæн,
уыдонæй иу. Курын уæ: 2сымахыл кæй бафæ-
дзæхстæуыд, Хуыцауы уыцы дзуг æнæбары,
æфтиаджы тыххæй ма хизут, фæлæ зæрди-
агæй, æнувыдæй — Хуыцауæн фæндонæй.
3Уæ бæрны чи ис, уыдонæн æлдæрттæ ма ут,
фæлæ дзугæн ут фæзминаг. 4Æмæ Хистæр
Фыййау куы 'рцæуа, уæд райсдзыстут кады
æнусон хæрзиуæг.
5Сымах дæр, кæстæртæ, кæсут хистæрты
коммæ. Уырнджытæ, уе 'ппæт дæр кæрæдзи-
йы раз ут сæрныллæг, уымæн æмæ
«Хуыцау сæрыстыртæн сæ ныхмæ у,
сæрныллæджытæн та хорзæх
дæтты».
6Уæдæ уæхи æрныллæг кæнут хъомыс-
джын Хуыцауы раз, æмæ, афон куы ралæу-
уа, уæд уæ сбæрзонд кæндзæн. 7Уе 'ппæт
сагъæстæ бакæнут Йæ бар, уымæн æмæ Йæ
мæт сымахыл у.
8Ут къæрцхъус æмæ уæхи цæттæ дарут,
уымæн æмæ уæ фыдгул, хæйрæг, цæуы богъ-
тæгæнæг домбайау æмæ агуры, кæй аныхъу-
ыра, ахæмты. 9Фидар уырныдзинадимæ
æрлæууут йæ ныхмæ — уе 'фсымæртæ дæр
æппæт дунейы ахæм тухæнтæ кæй æвза-
рынц, уый сымах зонут. 10Чысыл рæстæг
тухæнтæ æвзардзыстут, фæлæ, алы хорзæх
дæр Кæмæ ис, уыцы Хуыцау уæ Чырыстии-
мæ иудзинады фæрцы сæвзæрста Йе 'нусон
кадæй хай райсынмæ, æмæ уын Йæхæдæг
ратдзæн ног тыхтæ, скæндзæн уæ удвидар,
хъаруджын æмæ æнæфæцудгæ. 11Уый пад-
дзахиуæг кæнæд мыггагмæ! Аммен.
12Ацы цыбыр фыстæг уæм ныффыстон,
иузæрдионыл кæй нымайын, уыцы æфсы-
мæр Силуаны æххуысæй. Фæнды мæ сымах
фæныфсджын кæнын, цы хорзæхы фæдыл
фыссын, уый Хуыцауы æцæг хорзæх кæй у,

уымæн æвдисæн ныллæууын. Фидар хæцут
уыцы хорзæхыл.
13Саламтæ уын æрвитынц, сымахау Хуы-
цау кæй сæвзæрста, Вавилоны уыцы аргъу-
ан, стæй мæ хъæбул Марк. 14Кæрæдзийæн
салам дæттут æфсымæрон уарзты байæ.
Фарн уе ’ппæтæн дæр — Чырыстиимæ чи
ис, уыдонæн.

**5:13** Апостол Петр, æвæццæгæн, *Вавилон* хоны Ромы сахар – уымæн дæр йæ цæрджытæ, кæддæры вавилойнæгтау, алы тæригъæдтыл бафтыдысты.

# Апостол Петры дыккаг фыстæг

Петры дыккаг фыстæг у Ног Фæдзæхсты фæстаг чингуытæй иу, йæ мидисмæ гæсгæ хæстæг лæууы Иудæйы фыстæгмæ.

Уæды рæстæджы чырыстон æхсæнæдты фæзындис мæнгахуыргæнджытæ. Уыдон рæдийын кодтой Чырыстийыл æууæндæг адæмы, сæ чъизи мондæгтæ суадзынил сæ ардыдтой. Нæ сæ уырныдта Хуыцауы ныхас, Чырысти тагъд фæстæмæ зæхмæ кæй æрыздæхдзæн, уый. Петр сиды чырыстæттæм, цæмæй сæттын ма бакомой, сæ гуырысхоты фæдыл ма ацæуой. Чырыстийыл чи æууæнды, уыдон хъуамæ амæй фæстæмæ дæр, Хуыцауы зæрдæмæ чи цæуы, ахæм цардæй цæрой æмæ кæддæриддæр сæхи Хуыцауыл фæдзæхсой.

Рагон чырыстон историктæм гæсгæ, апостол Петрæн мæлæты тæрхон хаст æрцыдис император Нероны заман, ахæм тæрхон апостол Павелæн дæр куы рахастæуыд, уыцы рæстæгмæ æвваxс (н. д. 66 азы).

---

**1** Симон Петрæй, Йесо Чырыстийы цагъар
æмæ апостолæй, — нæ Хуыцау æмæ Ирвæ-
зынгæнæг Йесо Чырыстийы рæстады руаджы
нæ зынаргъ уырныдзинадæй чи схайджын,
уыдонмæ.
2Хуыцауы æмæ нæ Бардарæг Йесойы зо-
ныны руаджы уæм фылдæр кæнæнт хорзæх
æмæ фарн.
3Хуыцауы хъаруйæ нын ис, Хуыцаумæ
кувæджы цæрынæн цыдæриддæр хъæуы,
уый, уымæн æмæ мах базыдтам Йæ кад
æмæ нæм Йæ хорзæхæй Æрхонæджы. 4Аф-
тæмæй махæн, аргъ дæр кæмæн нæй, ахæм
хорзæхтæй зæрдæ бавæрдæуыд, цæмæй уый
фæрцы сымах Хуыцауы æрдзыхъæдæй схай-
джын уат æмæ ацы дунейы тæригъæдджын
монцты аххосæй ма фесæфат. 5Уымæ гæсгæ
зæрдиагæй архайут уæ уырныдзинадмæ
хорз хъуыддæгтæ бафтауыныл, уæ хорз хъу-
ыддæгтæм та — зонынад; 6зондджынæй
уæлдай ут хиуылхæцгæ, хиуылхæцонæй
уæлдай — фæразон, фæразонæй уæлдай
æнувыд ут Хуыцауыл.
7Хуыцауыл æнувыдæй уæлдай узæлут
æфсымæртыл, æфсымæртыл узæлынæй
уæлдай уарзут алкæй дæр. 8Кæд сымах уы-
цы миниуджытæй хайджын стут æмæ уæм
фылдæр кæнынц, уæд уыдоны фæрцы уы-
дзыстут æнтыстджын æмæ базондзыстут
нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы. 9Уыцы ми-
ниуджытæ кæмæ не сты, уый та у куырм
æмæ ницы уыны, йæ раздæры тæригъæдтæй
кæй ссыгъдæг, уый дзы ферох. 10Уымæ гæс-
гæ, æфсымæртæ, зæрдиагдæрæй архайут,
Хуыцау уæ кæй сæвзæрста æмæ æрхуыдта,
ууыл фидарæй хæцыныл. Афтæмæй никуы
фæкæлдзыстут. 11Уымæн æмæ уын афтæмæй
уыдзæн нæ Бардарæг æмæ Ирвæзынгæнæг
Йесо Чырыстийы мыггагмæйы Паддзахад-
мæ æнæкъуылымпыйæ бацæуыны фадат.
12Уымæ гæсгæ сымахæн уыдæтты тыххæй
дзурдзынæн æдзух, кæд сæ зонут æмæ уæм
цы æцæгад фæхæццæ, ууыл фидар хæцут,
уæддæр. 13Уæдæ растыл нымайын, цалын-
мæ ма мæ ацы буары цæрын, уæдмæ уын
уыдæттæ ногæй уæ зæрдыл æрлæууын кæ-
нын. 14Уымæн æмæ мын нæ Бардарæг Йесо
Чырысти раргом кодта æмæ зонын, рæхджы
мын ацы буар ныууадзгæ кæй уыдзæн, уый.
15Уæдæ архайдзынæн, ацы дунейæ куы ацæ-
уон, уæд мæ ныхæстæ кæддæриддæр уæ
зæрдыл куыд лæууой.
16Мах уын нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы
хъаруйы æмæ Йе ’рцыды кой куы кодтам,
уæд кæйдæр æрымысгæ рæсугъд аргъæуттæ
нæ фæзмыдтам — нæхи цæстæй Йын федтам
Йе стыр кад. 17Тæккæ уæлдæр Кадджынæй
Йæм куы æрыхъуыст: «Ай, Кæуыл аудын,

Мæ уыцы уарзон Фырт у», уæд райста Фыд
Хуыцауæй кад æмæ намыс. 18Уыцы уæларвон
хъæлæс мах фехъуыстам нæхæдæг, сыгъдæг
хохыл Йемæ куы уыдыстæм, уæд. 19Пеху-
ымпар ныхас раст кæй у, уый нын афтæмæй
раргом ноджы тынгдæр. Æмæ, цалынмæ бон
фæцъæх уа æмæ сæууон стъалы уæ зæрдæты
ссудза, уæдмæ уыцы пехуымпар ныхасмæ,
талынджы рухстауæг цырагъмæ здахæгау, уе
'ргом кæй здахут, уымæй раст кæнут. 20Фыц-
цаджыдæр зонут уый, æмæ Сыгъдæг Фысты
рагуацтай иуæн дæр адæймаджы хъаруйæ
райхалæн нæй, 21уымæн æмæ рагуац адæй-
маджы фæндонæй загъд никуы æрцыд, фæ-
лæ-иу адæм Сыгъдæг Удæй разæнгардæй
дзырдтой, Хуыцауæй-иу цы рацыд, уый.

**2** Израилаг адæмы 'хсæн мæнгпехуымпар-
тæ куыд уыдис, афтæ сымахæн дæр уыдзæн
мæнгахуыргæнджытæ; уыдон семæ æрхæс-
дзысты мæлæтмæ кæнæг мæнгахуырæдтæ,
сæхи атигъ кæндзысты, сæрибар сын Чи
æрхаста, уыцы Бардарæгыл æмæ афтæмæй
мæлæты амæттаг сæхи бакæндзысты. 2Би-
рæтæ сын бафæзмдзысты сæ чъизи митæ;
уыдоны аххосæй æгад уыдзæни раст фæндаг.
3Кæрæф кæй сты, уымæ гæсгæ уын зæрдæл-
хæнæн ныхæстæ кæндзысты, цæмæй уæ
сæхицæн исты расайой. Тæрхон сын раджы
рахастæуыд, æмæ сæм мæлæт ныридæгæн
æнхъæлмæ кæсы.
4Тæригъæды чи бацыди, суанг уыцы зæд-
тыл дæр нæ бацауæрста Хуыцау, ныппæрс-
та сæ зындонмæ æмæ сæ Тæрхоны бонмæ
талынджы дары рæхыстæй бастæй; 5рагон
дунейыл нæ бацауæрста, бахызта æрмæст-
дæр рæстдзинады фидиуæг Нойы йæ бинон-
тимæ — аст адæймаджы, æнæхуыцæутты
дуне та доны хъаймæтæй фесæфта; 6Содом
æмæ Гоморрæйы сахартæ фестын кодта æрт-
хутæг, рахаста сын сыскъуыныны тæрхон,
фидæны æнæхуыцæуттæн уый зонды хос
куыд уа, афтæ; 7хæлд адæмы æлгъаг цардæй
чи сфæлмæцыд, уыцы рæстгæнæг Лоты та
фервæзын кодта, 8уымæн æмæ уый царди
се 'хсæн, алы бон дæр се 'нæуаг хъуыддæгтæ
уыдта æмæ хъуыста, æмæ йæ зæрдæ рыс-
ти. 9Бардарæг зоны, рæстгæнджыты фæл-
варæнтæй куыд фервæзын кæнын хъæуы,
уый. Æнæхуыцæуттæн та Тæрхоны бонмæ
аиргъæвы се 'фхæрд, 10уæлдайдæр та, чъизи
монцты фæдыл чи цæуы, Хуыцауы бартæ чи
ницæмæ дары, уыдонæн.
Сæрхызт æмæ æнаккаг, ахæм адæм, уæлар-
вон тыхтыл цъыфкалæн кæнгæйæ, уыдонæн
сæ азарæй дæр нæ тæрсынц. 11Афтæмæй сæ,
бирæ тыхджындæр æмæ хъомысджындæр
чи у, уыцы зæдтæ та Бардарæджы раз азы-
мы нæ дарынц æмæ нæ фауынц. 12Уыдон та
фауынц, цы не 'мбарынц, уый. Æрцахсынæн
æмæ æргæвдынæн чи райгуырд, ахæм æнæ-
зонд цæрæгойтæй уæлдай не сты, кæсынц се
'рдзыхъæды коммæ, æмæ, кæй фехæлдысты,
уый сæ æркæндзæни сæфтмæ. 13Уыдонæн сæ
хæрам хъуыддæгтæ бафыстæуыдзæн хæра-
мæй. Æхсызгон сын сты се 'рвылбоны хиир-
хæфсæнтæ; æлгъæгтæ æмæ æгадгæнджытæ,
райгонд вæййынц сæ фæливæн митæй, уемæ
куы фæцæл кæнынц, уæд. 14Сæ цæстытæ
агурынц хæтаг сылгоймæгты, тæригъæдæй
æфсис нæ зонынц; сæ къæппæджы бахауынц,
йæ уырнынад кæмæн не сфидар, ахæмтæ. Сæ
зæрдæтæ систы кæрæф, уыдон æлгъыст сты,
15ныууагътой раст фæндаг, фæдзæгъæл сты
æмæ ацыдысты Восоры фырт Балаамы фæн-
дагыл — уый бабæллыд тæригъæд хъуыдда-
джы фæрцы пайда скæнынмæ. 16Фæлæ йын
йæ азым комкоммæ загъдæуыди: æгомыг
хæрæг сдзырдта адæймаджы æвзагæй æмæ
пехуымпары бахызта æнæсæрфат мийæ.
17Ахæмтæ сты хуыскъ суадæттæ, уад кæй
ахæссы, ахæм мигътæ. Уыдонмæ æнхъæлмæ
кæсы зындоны саудалынг. 18Уыдон кæнынц
схъæл æмæ ницæйаг ныхæстæ, чъизи монц-
ты къæппæгæй ахсынц, галиу фæндагыл
цæуджытæй нырма æрæджы чи фæхицæн,
ахæмты. 19Зæрдæ сын æвæрынц сæрибарæй,
афтæмæй сæхæдæг та мæлæты цагъартæ
сты, уымæн æмæ, чи кæмæн басасти, уый
уымæн цагъар у. 20Кæд нæ Бардарæг æмæ
Ирвæзынгæнæг Йесо Чырыстийы базоны-
ны фæрцы фервæзтысты дунейы чъизитæй,
фæлæ та дзы ногæй аныгъуылдысты æмæ сæ
амæттаг баисты, уæд сæ фæстаг уавæр фыц-
цагæй фыддæр уыдзæн. 21Уыдон базыдтой
раст фæндаг, фæлæ ныууагътой, цы сыгъдæг
фæдзæхст сын лæвæрд æрцыд, уый. Уыцы
раст фæндаг куы нæ базыдтаиккой, уæд сын
хуыздæр уыдаид.
22Фæлæ уыдоныл æрцыди ахæм æмбисонд:
«Куыдз раздæхы йæ омдзæгмæ»
æмæ:
«Хуы æхсад куы 'рцæуа,
уæд фæстæмæ йæхи цъыфы
стулдзæн».

**3** Нырыдæгæн уæм дыккаг фыстæг фыссын,
мæ уарзон хæлæрттæ. Дыууæ фыстæджы
дæр уын уæ зæрдыл цы лæууын кæнын,
уымæй архайын уæ сыгъдæг хъуыдытæ

райхъал кæнынил. 2 Рох уæ ма уæнт, сыгъ-
дæг пехуымпартæ рагагъоммæ кæй загътой,
уыцы ныхæстæ, стæй уын уæ апостолты
дзыхæй Бардарæг æмæ Ирвæзынгæнæг кæй
фехъусын кодта, Йæ уыцы фæдзæхст.

3 Фыццаджыдæр зонут, рæстæджы кæрон
кæй фæзындзысты, сæ чъизи монцты дæлбар
чи уыдзæн, ахæм фауджытæ. Уыдон уыл худ-
дзысты: 4 «Кæм ис, зæрдæ кæмæй бавæрдта,
Чырыстийы уыцы дыккаг æрцыд? Уымæн
æмæ нæ фыдæлтæ дæр амардысты, фæлæ ду-
не сфæлдисынæй нырмæ æппæт дæр баззад,
цы уыдис, уымæй». 5 Афтæ чи хъуыды кæны,
уыдон нæ зонынц: Хуыцауы ныхасæй рагза-
маны арв æмæ зæхх скондæуыди донæй æмæ
доны фæрцы. 6 Уымæ гæсгæ уæдыккон дуне
фæдæлдон æмæ бабын. 7 Ныртæккæйы арв
æмæ зæхх та уыцы ныхасæй хъахъхъæд цæ-
уынц артæн — Тæрхоны бон бабын уыдзысты
уыдон дæр æмæ æппæт æнæхуыцæуттæ дæр.

8 Мæ уарзон хæлæрттæ, иу хъуыддаг сы-
махæн хъуамæ сусæг ма уа: Бардарæгæн
иу бон мин азы хуызæн у, мин азы та — иу
боны хуызæн. 9 Иуæй-иутæм куыд кæсы,
афтæ Бардарæг фæстиат нæ кæны Йæ зæр-
дæвæрд сæххæст кæнынмæ, фæлæ уын бирæ
быхсы — фæнды Йæ, иу адæймаг дæр куыд
нæ фесæфа, фæлæ иууылдæр куыд æрфæс-
мон кæной. 10 Хуыснæг куыд фæзыны, афтæ
уыдзæни Бардарæгæн Йе 'рцыды бон дæр.
Арв фæцыдæр уыдзæн æрвнæрды хуызæн
гыбар-гыбуримæ, цыдæриддæр ыл ис, уыдон
ныппырх уыдзысты æмæ цæхæр фестдзыс-
ты, зæхх æмæ йе 'ппæт хъуыддæгтæ дæр
тæрхонмæ лæвæрд æрцæудзысты. 11 Кæд
æппæт уыдæттæ афтæ ныппырх уыдзысты,
уæд сымах та цавæр хъуамæ уат? Сымах
уæ сыгъдæг царды хъуамæ æнувыд уат Ху-
ыцауыл, 12 æнхъæлмæ кæсат æмæ бæллат
Хуыцауы æрцыды бонмæ. Уыцы бон арвыл
сирвæздзæн арт æмæ апырх уыдзæн, цы-
дæриддæр ыл ис, уыдон фестдзысты цæхæр
æмæ батайдзысты. 13 Фæлæ махæн Хуыцау
зæрдæ бавæрдта, æмæ æнхъæлмæ кæсæм,
рæстад кæм æрцæрдзæн, уыцы ног арв æмæ
ног зæхмæ.

14 Уæдæ афтæ, мæ уарзон хæлæрттæ, æп-
пæт уыдæттæм æнхъæлмæ кæсгæйæ, ба-
цархайут, Йæ разы сыгъдæгæй, æнаиппæй
æмæ Йемæ фидыдæй æрлæууыныл. 15 Æмæ,
нæ Бардарæг бирæ кæй быхсы, уый нымайут
фервæзыны фадатыл; нæ уарзон æфсымæр
Павел дæр уæм Хуыцауæй лæвæрд зондæй
уый тыххæй фыста. 16 Афтæ Павел фыссы
йе 'ппæт фыстæджыты, уыдæтты кой куы
фæкæны, уæд. Йæ фыстыты ис зынæмбарæн
бынæттæ, æмæ сæ æнæфенд æмæ, йæ уыр-
нынад кæмæн не сфидар, уыдон зыгъуыммæ
кæнынц Сыгъдæг Фысты иннæ хæйттау æмæ
уый аххосæй фесæфынц.

17 Уæдæ, мæ уарзон хæлæрттæ, уыдæтты
тыххæй сымах зонут ныридæгæн æмæ уæхи
хъахъхъæнут, хæлд адæмы рæдыд фæнда-
гыл куыд нæ ацæуат æмæ, фидар цæуыл
лæуут, уымæй куыд нæ фæиппæрд уат, афтæ.
18 Рæзут нæ Бардарæг æмæ Ирвæзынгæнæг
Йесо Чырыстийы хорзæхæй хайджынæй,
тырнут, ноджы хуыздæр Æй куыд базонат,
уымæ. Кад Ын уæд абон дæр æмæ мыггагмæ
дæр! Аммен.

# Апостол Иоанны фыццаг фыстæг

Иоанны фыстæджытæ сæ мидис æмæ сæ стильмæ гæсгæ тынг хæстæг сты, цы Евангели ныффыста, уымæ. Уыдон фыст æрцыдысты фыццаг æнусы кæрон, Йесо Чырысти æмæ чырыстон дины тыххæй мæнгахуырæдтæ чырыстон æхсæнæдты парахат кæнын куы райдыдтой, уæд.

Фыццаг фыстæджы Иоанн амоны, æцæг чырыстон дин цæуыл ахуыр кæны, уый: Хуыцау сси адæймаг, равдыста Йæ уарзондзинад адæммæ æмæ нæ сæраппонд радта Йæ цард. Æцæг чырыстæттæ сты æнгом баст Йесоимæ, æмбарынц ын Йæ уарзондзинад æмæ сæ фæнды уыцы уарзондзинадæй алкæмæн дæр фæхай кæнын.

---

**1** Райдианæй цы уыди, мах цы фехъуыстам,
нæхи цæстæй цы федтам, цæмæ кастыстæм
æмæ нæ уырзтæй цы басгæрстам, Царды уы-
цы Дзырды тыххæй хъусын кæнæм сымахæн.
2Уымæн æмæ нын Цард раргом кодта йæхи,
федтам æй æмæ йын стæм æвдисæн. Æмæ
уын хъусын кæнæм, Фыдимæ чи уыди æмæ
махæн йæхи чи раргом кодта, уыцы мыг-
гагмæйы Царды тыххæй. 3Мах цы федтам
æмæ фехъуыстам, уый уын хъусын кæнæм,
сымахæн немæ иудзинад куыд уа, афтæ.
Махæн та иудзинад Фыдимæ æмæ Йæ Фырт
Йесо Чырыстиимæ ис. 4Ацы ныхæстæ мах
фыссæм, цæмæй нæ цинæн кæрон ма уа.
5Æмæ уын мæнæ мах хъусын кæнæм, Уы-
мæй цы уац фехъуыстам, уый: Хуыцау у
рухс æмæ Йæм мисхалы бæрц дæр талынг
нæй. 6Кæд мах дзурæм, Йемæ нын иудзи-
над ис, зæгъгæ, уæвгæ та талынджы цæрæм,
уæд сайгæ кæнæм, æмæ нæ цард æцæгадмæ
гæсгæ нæу. 7Хуыцау Йæхæдæг рухсы куыд
ис, кæд мах дæр афтæ рухсы цæрæм, уæд
нын кæрæдзиимæ ис иудзинад, æмæ нæ
Йæ Фырт Йесойы Туг сыгъдæг кæны алы
тæригъæдæй дæр. 8Кæд мах афтæ дзурæм,
тæригъæдджын не стæм, зæгъгæ, уæд нæхи
сайæм, æмæ æцæгад нæ зæрдæты нæ цæры.
9Мах нæ тæригъæдтыл æргомæй куы æр-
фæсмон кæнæм, уæд нын Уый, иузæрдион
æмæ раст кæй у, уымæ гæсгæ ныббардзæн
нæ тæригъæдтæ æмæ нæ ссыгъдæг кæндзæн
алы галиу хъуыддагæй дæр. 10Кæд афтæ дзу-
рæм, тæригъæды не 'фтæм, зæгъгæ, уæд Æй
мах æвдисæм сайæгойæ, æмæ Йæ ныхас нæ
зæрдæты нæ цæры.

**2** Мæ хуртæ, ацы ныхæстæ уæм æз фыссын,
тæригъæды цæмæй ма æфтат, уый тыххæй.
Фæлæ уæ исчи тæригъæд куы ракæна, уæд
нын Фыды раз ис Сæрылхæцæг, Рæстгæнæг
Йесо Чырысти. 2Уый у Хуыцауимæ фидауын-
гæнæг нывонд нæ тæригъæдты тыххæй, æмæ
æрмæст мах тæригъæдты тыххæй нæ, фæлæ
æппæт дунейы тæригъæдты тыххæй дæр.
3Йæ фæдзæхстытæ Йын куы феххæст кæнæм,
уæд нын раргом вæййы, кæй Йæ базыдтам,
уый. 4Афтæ чи зæгъы: «Æз Æй базыдтон»,
фæлæ Йын Йæ фæдзæхстытæ та не 'ххæст
кæны, уый у фæлитой, æмæ æцæгад йæ зæр-
дæйы нæ цæры. 5Фæлæ Йын Йæ дзырд чи
æххæст кæны, уымæн йæ зæрдæйы æцæг
æрцарди Хуыцауы уарзт. Уымæй нын рар-
гом вæййы, мах Йемæ кæй баиу стæм, уый.
6«Æз баиу дæн Йемæ» чи зæгъы, уый хъу-
амæ цæра, Йесо куыд цардис, афтæ.
7Мæ уарзон хæлæрттæ, æз уæм цавæрдæр
ног фæдзæхсты тыххæй нæ фыссын. Æз уæм
цы фæдзæхсты тыххæй фыссын, уый рагон
у — сымах æй зонут тæккæ райдианæй. Ацы
рагон фæдзæхст у, сымах кæй фехъуыстат,
уыцы ныхас. 8Æниу уæм цы фыссын, уый
ног фæдзæхст дæр у — йæ æцæгад æвдыст
æрцыд Чырыстийы цардæй дæр æмæ уæ
цардæй дæр, уымæн æмæ талынг фæивгъуы-
йы, æмæ æцæг рухс ныридæгæн рухс кæны.
9Афтæ чи зæгъы, рухсы цæрын, зæгъгæ,
афтæмæй та йе 'фсымæрæй йе сæфт чи уыны,
уый нырма талынджы цæры. 10Йе 'фсымæ-
ры чи уарзы, уый рухсы цæры, ницæуылуал
фæкæлы. 11Йе 'фсымæрæй йе сæфт чи уыны,
уый та талынджы ис, йæ фæндаг талынг у,
æмæ, кæдæм цæуы, уый нæ зоны, уымæн
æмæ йæ талынг бакуырм кодта.
12 Фыссын уæм, сабитæ,
уымæн æмæ уын хатыргонд сты
уæ тæригъæдтæ Йесойы руаджы.

13 Фыссын уæм, хистæртæ,
уымæн æмæ сымах базыдтат,
райдианæй Чи ис, Уый.
Фыссын уæм, фæсивæд,
уымæн æмæ сымах басастат
Фыдгæнæджы.
14 Ныффыстон уæм, сабитæ,
уымæн æмæ сымах базыдтат Фыды.
Ныффыстон уæм, хистæртæ,
уымæн æмæ сымах базыдтат,
райдианæй Чи ис, Уый.
Ныффыстон уæм, фæсивæд,
уымæн æмæ сымах тыхджын стут,
Хуыцауы дзырд цæры уæ зæрдæты
æмæ сымах басастат Фыдгæнæджы.
15 Ма уарзут дуне, стæй, дунейы цы ис,
уый дæр. Дуне чи уарзы, уый Фыды нæ уар-
зы. 16 Уымæн æмæ, дунейы цыдæриддæр
ис — тæригъæдджын æрдзыхъæды монцтæ,
цæсты монцтæ æмæ хъал царды цæстæй
кæсын, — уыдон Фыдæй ратгæ не сты, фæлæ
сты ацы дунейæ. 17 Дуне æмæ йæ монцтæ аив-
гъуыйынц, Хуыцауы фæндон æххæстгæнæг
та мыггагмæ цæрдзæни.
18 Сабитæ, рæстæджы кæрон æрхæццæ!
Куыд фехъуыстат, афтæмæй æрцæудзæн Чы-
рыстийы ныхмæлæууæг. Æмæ ныридæгæн
дæр Чырыстийæн фæзынди бирæ ныхмæ-
лæуджытæ, æмæ афтæмæй мах зонæм, кæ-
рон кæй æрхæццæ, уый. 19 Уыдон мах æхсæ-
нæй рацыдысты, фæлæ махæй нæ уыдысты.
Махæй куы уыдаиккой, уæд немæ уаиккой.
Фæлæ уыдон ацыдысты æмæ уымæй рар-
гом, се 'ппæт дæр махæй кæй нæ уыдысты,
уый. 20 Сымах та Сыгъдæг схайджын кодта
Йæ Удæй, æмæ уе 'ппæт дæр зонут æцæгад.
21 Æцæгад цыма нæ зонут, уый тыххæй уæм,
мыййаг, нæ ныффыстон, фæлæ йæ кæй зонут,
стæй, кæцыфæнды мæнгдзинад æцæгадæй
кæй нæ рацæуы, уый дæр уын зындгонд кæй
у, уый тыххæй. 22 Сайæгой чи у? Йесо, дам,
Чырысти нæу, зæгъгæ, чи дзуры, уый. Ахæм
адæймаг у Чырыстийы ныхмæлæууæг. Уый
йæхи тигъ кæны Фыдыл дæр æмæ Фыртыл
дæр. 23 Фыртыл чидæриддæр йæхи тигъ кæны,
уымæн хай нæй Фыдæй дæр, фæлæ Фыртыл
æргомæй чи æууæнды, уымæн хай ис Фыдæй
дæр. 24 Райдианæй цы фехъуыстат, уый цæрæд
уæ зæрдæты. Райдианæй цы фехъуыстат, уый
уæ зæрдæты куы цæра, уæд сымахæн дæр уы-
дзæн иудзинад Фыртимæ дæр æмæ Фыдимæ
дæр. 25 Æмæ нын Йæхæдæг зæрдæ бавæрдта
мæнæ уымæй — мыггагмæйы цардæй.
26 Ацы ныхæстæ уæм æз ныффыстон,
уæ асайынил чи архайы, уыдоны тыххæй.
27 Æниу, сымах Уый схайджын кодта Йæ
Удæй. Уыцы Уд цæры уæ зæрдæты æмæ,
исчи уæ ахуыр кæна, уый хъуаг не стут. Уы-
цы Уд уын амоны алцы дæр, ахуыр уæ кæны,
мæнг цы у, ууыл нæ, фæлæ æцæгадыл. Уæдæ
уын Чырыстиимæ уæд иудзинад, Уд уæ куыд
сахуыр кодта, афтæ.
28 Уæдæ, мæ хуртæ, уæд уын иудзинад
Чырыстиимæ, куы 'рцæуа, уæд ныфсджын
куыд уæм æмæ Йæ разы къæмдзæстыг куыд
нæ разынæм, афтæ. 29 Хуыцау раст Хуыцау
кæй у, кæд иугæр уый зонут, уæд, алы рæст-
гæнæг дæр Уымæй кæй райгуырд, уый дæр
хъуамæ зонат.

**3** Кæсут-ма, Фыд нын цы уарзт балæвар
кодта, уымæ, цæмæй хæссæм Йæ хъæбул-
ты ном. Æмæ, æцæгдæр, Йæ хъæбултæ
стæм. Дуне Хуыцауы кæй нæ базыдта, мах
дæр уый тыххæй нæ зоны. 2 Мæ уарзон хæ-
лæрттæ, мах ныр Хуыцауы хъæбултæ стæм.
Фидæны цавæр уыдзыстæм, уый та нæма
раргом. Фæлæ зонæм: куы раргом уа, уæд
уыдзыстæм Уый хуызæн, уымæн æмæ Йæ
фендзыстæм, цавæр у, ахæмæй. 3 Æмæ Йыл
уыцы хъуыддаджы йæ зæрдæ чидæриддæр
дары, уый сыгъдæг кæны йæхи, уымæн æмæ
Уый сыгъдæг у.
4 Тæригъæды æфтыд чидæриддæр у, уый
халы Хуыцауы æгъдау дæр. Уымæн æмæ
тæригъæд ракæнынæй хæлд цæуы Хуы-
цауы æгъдау. 5 Йесо тæригъæдтæ ахæссы-
ны тыххæй кæй фæзынд, уый сымах зонут.
Йæхæдæг та тæригъæдджын ницæмæй у.
6 Чидæриддæр Йемæ баиу, уый тæригъæды
нæ цæуы. Тæригъæд чидæриддæр ракæны,
уый Йæ нæ федта æмæ Йæ нæ базыдта. 7 Мæ
хуртæ, мачи уæ асайæд. Рæстæй чи цæры,
уый рæстгæнæг у, Чырысти рæстгæнæг куыд
у, афтæ. 8 Тæригъæды чи æфты, уый хæй-
рæгæй у, уымæн æмæ райдианæй хæйрæг
у тæригъæды æфтыд. Æмæ Хуыцауы Фырт
дæр уый тыххæй фæзынди, цæмæй хæй-
рæджы хъуыддæгтæ фехала. 9 Хуыцауæй
чидæриддæр райгуырд, уый тæригъæды
нал æфты, уымæн æмæ схайджын Хуыцауы
цардæй. Æмæ тæригъæды æфтын йæ бон нал
у, уымæн æмæ Хуыцауæй райгуырд. 10 Хуы-
цауы хъæбултæ æмæ хæйрæджы цотæй чи
кæцы у, уый афтæмæй базындæуы: рæстæй
чидæриддæр нæ цæры æмæ йе 'фсымæры
чидæриддæр нæ уарзы, уый Хуыцауæй нæу.
11 Райдианæй мæнæ уыцы уац фехъуыс-
тат: мах хъуамæ уарзæм кæрæдзи. 12 Каи-
ны хуызæн ма ут. Уый хæйрæгæй уыд æмæ

амардта йе ’фсымæры. Æмæ йæ цæмæн
амардта? Уымæн æмæ йæхи хъуыддæгтæ
хæрам уыдысты, йе ’фсымæры хъуыддæгтæ
та — раст. 13Æфсымæртæ, дуне уæ йе сæфт
кæй уыны, уый уæм диссаг ма кæсæд. 14Не
’фсымæрты кæй уарзæм, уымæ гæсгæ мах
зонæм, мæлæтæй цардмæ кæй рахызтыс-
тæм, уый. Йе ’фсымæры чи нæ уарзы, уый
мæлæты къухы ис. 15Йе ’фсымæрæй йе сæфт
чидæриддæр уыны, уый лæгмар у. Сымах та
зонут: лæгмартæй иуæн дæр мыггагмæйы
цард нæй. 16Уарзондзинад цы у, уый мах
базыдтам, Йесо нæ сæраппонд Йæ цард кæй
радта, уымæй. Æмæ мах дæр хъуамæ не
’фсымæрты сæраппонд дæттæм нæ цард.
17Зæххон цардæн алцыдæр фаг кæмæ ис,
уый йе ’фсымæры хъуагтæ куы уына, фæлæ
йæхи нæуынæг куы скæна, уæд йæ зæрдæ-
йы Хуыцауы уарзондзинад куыд цæрдзæн?

18Мæ хуртæ, уæдæ кæрæдзийы дзыхæй
ма уарзæм, фæлæ нын зæрдиаг кæй у, уый
равдисæм хъуыддагæй. 19Уымæй базондзыс-
тæм, мах æцæгады хъæбултæ кæй стæм, уый.
Æмæ Хуыцауы раз æнцой ссардзыстæм нæ
зæрдæйæн, 20истæй тыххæй нын тæрхон
куы кæна, уæд дæр; уымæн æмæ Хуыцау нæ
зæрдæйæ стырдæр у æмæ зоны æппæт дæр.
21Мæ уарзон хæлæрттæ, кæд нын нæ зæрдæ
нæ тæрхон кæны, уæд ныфсджын стæм Ху-
ыцауы раз. 22Æмæ, цыдæриддæр фæкурæм,
уый Дзы райсæм, уымæн æмæ цæрæм Йæ
фæдзæхстытæм гæсгæ æмæ Йын нæ хъуыд-
дæгтæ сты фæндон. 23Йæ фæдзæхст та ахæм
у: мах хъуамæ æууæндæм Йæ Фырт Йесо
Чырыстийыл æмæ уарзæм кæрæдзи, куыд
нын бафæдзæхста, афтæ. 24Йæ фæдзæхс-
тытæм гæсгæ чи цæры, уый Хуыцауимæ ис,
æмæ Хуыцау йемæ ис. Хуыцау немæ кæй ис,
уый нын æргом кæны, Йæхæдæг нын Кæй
радта, уыцы Сыгъдæг Уд.

**4** Мæ уарзон хæлæрттæ, алы адæймагыл ма
æууæндут, фæлæ йæ фæлварут, цы монæй
хайджын у, уый йын Хуыцауæй лæвæрд у
æви нæ, уымæн æмæ бирæ мæнгпехуымпар-
тæ фæзынди дунейы. 2Хуыцауы Уд кæмæ ис,
уый афтæмæй базондзыстут: Йесо Чырысти
адæймаджы буары æрцыд, зæгъгæ, æргомæй
чидæриддæр зæгъы, уый Хуыцауы Удæй у
хайджын.

3Фæлæ афтæ чидæриддæр зæгъы, Йесо
адæймаджы буары не ’рцыд, зæгъгæ, уымæ
та Хуыцауы Уд нæй — Чырыстийы ныхмæ-
лæууæджы мон æм ис. Сымах фехъуыстат,
Чырыстийы ныхмæлæууæджы мон кæй
æрцæудзæн, уый тыххæй. Æмæ уыцы мон
ныридæгæн дунейы ис.

4Мæ хуртæ, сымах Хуыцауæй стут æмæ
басастат уыцы мæнг пехуымпарты, уымæн
æмæ, уæ зæрдæты Чи ис, Уый уæлдæр у, ду-
нейы чи ис, уымæй.

5Уыдон дунейæ сты æмæ дзургæ дæр дуне-
йы æвзагыл кæнынц, æмæ сæм дуне хъусы.

6Мах та Хуыцауæй стæм, æмæ, Хуыцауы
чи зоны, уый нæм хъусы. Хуыцауæй чи нæу,
уый та нæм нæ хъусы. Афтæмæй базонæм
æцæгады Уды æмæ фæливæг моны.

7Мæ уарзон хæлæрттæ, уæдæ уарзæм
кæрæдзийы, уымæн æмæ уарзондзинад
Хуыцауæй у. Чидæриддæр уарзы, уый Ху-
ыцауæй райгуырд æмæ зоны Хуыцауы. 8Чи
нæ уарзы, уый нæ базыдта Хуыцауы, уымæн
æмæ Хуыцау уарзондзинад у. 9Хуыцау мах
кæй уарзы, уый нын уымæй раргом, æмæ Йæ
иунæг Фырты рарвыста дунемæ, махæн Йæ
фæрцы цард куыд уа, афтæ. 10Уарзондзинад
уый мидæг нæй, æмæ мах бауарзтам Хуыца-
уы. Хуыцау нæ Йæхæдæг бауарзта æмæ Йæ
Фырты нæ тæригъæдты тыххæй рарвыс-
та фидауынгæнæг нывондæн. 11Мæ уарзон
хæлæрттæ, кæд Хуыцау мах афтæ бауарзта,
уæд мах дæр хъуамæ уарзæм кæрæдзийы.
12Хуыцауы никуы ничи федта, фæлæ, кæрæ-
дзийы куы уарзæм, уæд Хуыцау ис немæ æмæ
Йæ уарзт та æххæстæй цæры нæ зæрдæты.

13Мах Хуыцауимæ кæй баиу стæм æмæ Уый
немæ кæй баиу, уый мах зонæм, Йæ Сыгъдæг
Удæй нын кæй бахай кодта, уымæй. 14Мах
федтам æмæ æвдисæн стæм, Фыд Йæ Фырты
дунейæн Ирвæзынгæнæгæй кæй рарвыста,
уымæн. 15Йесо Хуыцауы Фырт кæй у, ууыл
æргомæй чи æууæнды, уый баиу Хуыцауимæ,
æмæ Хуыцау баиу йемæ. 16Хуыцау мах кæй
уарзы, уый базыдтам æмæ бауæндыдыстæм
уыцы уарзтыл.

Хуыцау у уарзондзинад, æмæ, чи уарзы,
уый баиу Хуыцауимæ æмæ Хуыцау баиу
йемæ. 17Уарзондзинад нæ зæрдæты цæры
афтæ æххæстæй, æмæ ныфсджын уыдзыс-
тæм Тæрхоны Бон, уымæн æмæ ацы дунейы
цæрæм, Чырысти куыд царди, афтæ. 18Уар-
зондзинадæн тасимæ иумæйагæй ницы
ис, æцæг уарзондзинад кæм уа, уым тасæн
бынат нæй. Уымæн æмæ, тæрсгæ чи кæны,
уый ныридæгæн æфхæрд æййафы. Чи тæр-
сы, уымæн йæ уарзт алцæмæй æххæст нæу.
19Мах уарзæм, уымæн æмæ нæ Хуыцау Йæхæ-
дæг раздæр бауарзта. 20Æз Хуыцауы уарзын,
чи зæгъы, афтæмæй та йе ’фсымæрæй йе
сæфт чи уыны, уый у фæлитой. Уымæн æмæ,

цæстæй кæй уыны, йæ уыцы æфсымæры чи
нæ уарзы, уымæн йæ бон нæу, цæстæй Кæй
нæ уыны, уыцы Хуыцауы уарзын. 21 Æмæ
нын Уый бафæдзæхста, Хуыцауы чи уарзы,
уый йе 'фсымæры дæр куыд уарза, афтæ.

**5** Йесо Чырысти кæй у, ууыл чидæриддæр
æууæнды, уый Хуыцауæй райгуырд, æмæ,
Фыды чидæриддæр уарзы, уый Йын уарзы
Йæ хъæбулты дæр. 2 Хуыцауы куы уарзæм
æмæ Йæ фæдзæхстытæ куы æххæст кæнæм,
уæд уымæй зонæм, Йæ хъæбулты Йын кæй
уарзæм, уый. 3 Хуыцауы кæй уарзæм, уый
мах æвдисæм Йæ фæдзæхстытæ æххæст
кæнынæй. Йæ фæдзæхстытæ та æнцон æх-
хæстгæнæн сты. 4 Уымæн æмæ, Хуыцауæй
чидæриддæр райгуырд, уый уæлахиз кæ-
ны дунейыл. Дуне саст цæмæй æрцыд, уый
нæ уырнындзинад у. 5 Йесо Хуыцауы Фырт
кæй у, ууыл æууæндæг куынæ фæуæлахиз
уа дунейыл, уæд ыл уæвгæ та чи фæуæла-
хиз уыдзæн?

6 Уый у, дон æмæ тугимæ Чи æрцыд, уыцы
Йесо Чырысти. Æрцыд æрмæст донимæ нæ,
фæлæ дон æмæ тугимæ. Æмæ Сыгъдæг Уд
æвдисæн лæууы Уый тыххæй, уымæн æмæ
Уд у æцæгад. 7 Ис æртæ æвдисæны [уæлар-
вы: Фыд, Дзырд æмæ Сыгъдæг Уд; æмæ се
'ртæ дæр иу сты. 8 Æртæ æвдисæны та зæх-
хыл ис]: Уд, дон æмæ туг. Æмæ се 'ртæйæн
дæр сæ ныхас иу у. 9 Кæд мах адæймаджы
ныхасыл æууæндæм, уæд Хуыцауы ныхас
та уæлдæр у, уымæн æмæ уыцы ныхас Ху-
ыцау Йæхæдæг загъта Йæ Фырты тыххæй.
10 Хуыцауы Фыртыл чи æууæнды, уымæн
Хуыцауы уыцы ныхас йæ зæрдæйы ис. Ху-
ыцауыл чи не 'ууæнды, уый Йæ æвдисы
сайæгойæ, уымæн æмæ не 'ууæнды, Хуы-
цау Йæ Фырты тыххæй кæй загъта, уыцы
ныхасыл. 11 Уыцы ныхас ууыл у, æмæ нын
Хуыцау ралæвар кодта мыггагмæйы цард,
æмæ уыцы цард Йæ Фырты руаджы лæ-
вæрд цæуы. 12 Хуыцауы Фыртæй хай кæмæн
ис, уымæн ис мыггагмæйы цард. Хуыцауы
Фыртæй хай кæмæн нæй, уымæн та нæй
мыггагмæйы цард.

13 Ацы ныхæстæ ныффыстон сымахмæ,
Хуыцауы Фыртыл æууæндджытæм, цæ-
мæй зонат, мыггагмæйы цард уын кæй ис,
уый. 14 Мах афтæ ныфсджын стæм Хуыцауы
раз, æмæ Йын фæндон цы у, уый Дзы куы
фæкурæм, уæд нæ фехъусы. 15 Хуыцауæй
цыдæриддæр куы фæкурæм, уæд нæм кæй
хъусы, кæд уый зонæм, уæд ма уыимæ зо-
нæм, цы Дзы ракуырдтам, уый ныридæгæн
нæхи кæй баци, уый дæр.

16 Кæд исчи йе 'фсымæры уыны, мæлæтмæ
чи нæ кæны, ахæм тæригъæды æфтыдæй,
уæд кувæд, æмæ йын Хуыцау ратдзæн цард.
Ныхас цæуы, мæлæтмæ чи нæ кæны, ахæм
тæригъæды æфтыд чи у, уыдоныл. Фæлæ ис,
мæлæтмæ чи кæны, ахæм тæригъæд, æмæ
æз нæ зæгъын ахæмы тыххæй кувын. 17 Алы
галиу хъуыддаг дæр тæригъæды бафтын
у, фæлæ ис, мæлæтмæ чи нæ кæны, ахæм
тæригъæд дæр.

18 Мах зонæм: Хуыцауæй чидæриддæр рай-
гуырд, уый тæригъæды нæ цæуы, уымæн
æмæ йæ хъахъхъæны Хуыцауæй Райгуырæг,
æмæ йæм хæйрæг не 'ххæссы. 19 Зонæм æй:
мах Хуыцауы хъæбултæ стæм, дуне æнæ-
хъæнæй та хæйрæджы уацары ис. 20 Мах
зонæм уый дæр, æмæ Хуыцауы Фырт æрцыд
æмæ нын радта зонд, æцæг Чи у, Уый куыд
базонæм, афтæ. Мах баиу стæм, æцæг Чи у,
Уыимæ æмæ Йæ Фырт Йесо Чырыстиимæ —
Уый у æцæг Хуыцау æмæ мыггагмæйы цард.
21 Мæ хуртæ, уæхи хизут мæнгхуыцæуттæй.

**5:18** Фæстæдæры къухфыстыты ацы бынат у афтæ: *Мах зо-
нæм: Хуыцауæй чидæриддæр райгуырд, уый тæригъæды
не 'фты, фæлæ Хуыцауæй райгуырæг хъахъхъæны йæхи,
æмæ йæм хæйрæг не 'ххæссы.*

# Апостол Иоанны дыккаг фыстæг

Ацы фыстæг æрвыст у «Хуыцауы æвзæрст æхсин æмæ йæ сывæллæттæм» – фæсномыгæй афтæ хуындæуы чырыстон æхсæнæдтæй иу æмæ йæ уæнгты.

Автор йæхи хоны «хистæр», иннæ уырнæг адæмæн ыл зонд амоныны хæс æвæрд кæй ис, уый нысангæнгæйæ.

Куыд фыццаг фыстæджы, афтæ ам дæр Иоанн ахуыр кæны чиныгкæсджыты, цæмæй цæрой, æцæгад æмæ уарзондзинад куыд амонынц, афтæ. Ноджы фæдзæхсы, цæмæй сæхи хъахъхъæной Йесо Чырыстийы тыххæй мæнгахуырæдтæй.

---

1Хистæрæй — Хуыцауы æвзæрст æхсинмæ
æмæ йæ сывæллæттæм, æрмæст æз нæ, фæ-
лæ æцæгад базонджытæ се 'ппæт дæр зæр-
диагæй кæй уарзынц, уыдонмæ. 2Нæ уарз-
тæн йæ бындур у, нæ зæрдæты чи ис æмæ
мыггагмæ немæ чи уыдзæн, уыцы æцæгад.
3Фыд Хуыцауы æмæ Йæ Фырт Йесо Чы-
рыстийы хорзæх, арфæ æмæ фарн уы-
дзысты немæ — æцæгадæй æмæ уарзтæй
хайджынтимæ.
4Фыд нын куыд бафæдзæхста, афтæ дæ
сывæллæттæй иуæй-иутæ æцæгадмæ гæсгæ
кæй цæрынц, уый куы базыдтон, уæд тынг
бацин кодтон. 5Æмæ ныр, æхсин, дæуæй
курын — дæумæ ног фæдзæхст нæ фыс-
сын, фæлæ нæм райдианæй чи ис, уыцы
фæдзæхст: уарзæм кæрæдзийы. 6Уарзын
та афтæ амоны, æмæ мах хъуамæ цæрæм
Хуыцауы фæдзæхстытæм гæсгæ. Райдиа-
нæй кæй фехъуыстат, уыцы фæдзæхст ахæм
у: цæрут уарзондзинадмæ гæсгæ. 7Уымæн
æмæ дунейы фæзынди, Йесо Чырысти адæй-
маджы буары не 'рцыд, зæгъгæ, чи дзуры,
бирæ ахæм фæливджытæ: ахæм адæймаг
у фæливæг æмæ Чырыстийы ныхмæлæу-
уæг. 8Кæсут уæхимæ, цæуыл фæкуыстам,
уый куыд нæ фесафат, фæлæ уæ хæрзиуæг
æххæстæй куыд райсат, афтæ. 9Чырыстийы
ахуырадмæ гæсгæ чидæриддæр нæ цæры
æмæ æндæр фæндагыл цæуы, уымæн хай
нæй Хуыцауæй; уыцы ахуырадмæ гæсгæ
чи цæры, уымæн та хай ис Фыдæй дæр æмæ
Фыртæй дæр. 10Чи уæм æрцæуы æмæ уæм
уыцы ахуырад йемæ чи не 'рхæссы, уый уæ
хæдзармæ ма уадзут æмæ йын «æгасцуай»
ма дзурут. 11Уымæн æмæ йын «æгасцуай»
чи зæгъа, уый йын йæ хæрам хъуыддæгты
свæййы цæдисæмбал.
12Бирæ цæйдæрты тыххæй уæм ныффыс-
син, фæлæ мæ милдонæй гæххæттыл фыс-
сын нæ фæнды. Мæ зæрдæ дарын сымахмæ
æрцæуыныл æмæ лæгæй-лæгмæ фæныхас
кæныныл, нæ цинæн кæрон куыд нæ уа,
афтæ.
13Салам дын æрвитынц, Хуыцау кæй сæв-
зæрста, дæ уыцы хойы сывæллæттæ.

# Апостол Иоанны
# ÆРТЫККАГ ФЫСТÆГ

Куыд дыккаг фыстæджы, афтæ ам дæр Иоанн йæхи хоны «хистæр». Ацы фыстæг фыссы чырыстон æхсæнады уæнг Гаймæ. Æппæлы дзы, уарзондзинад кæй равдыста, уый тыххæй æмæ йын рагацау фæдзæхсы цавæрдæр Диотрефы тыххæй (чи у, уый ам бæрæг нæу), уый йæхи, куыд не 'мбæлы, афтæ кæй дары, уымæ гæсгæ.

---

1Хистæрæй — мæ уарзон Гаймæ, æцæгæй
кæй уарзын, уымæ.
2Мæ уарзон хæлар, æз кувын, цæмæй уай
æнæниз æмæ дын алы хъуыддаджы дæр æн-
тыса, дæ удæн куыд æнтысы, афтæ. 3Æфсы-
мæртæ куы æрцыдысты æмæ, ды æцæгадыл
æнувыд кæй дæ æмæ æцæгадмæ гæсгæ кæй
цæрыс, уый тыххæй куы радзырдтой, уæд
æз тынг бацин кодтон. 4Мæ сывæллæттæ
æцæгадмæ гæсгæ кæй цæрынц, уый фехъу-
сынæй стырдæр цин мæнæн нæй.
5Мæ уарзон хæлар, æфсымæртыл, стæй
дзы кæй нæ зоныс, суанг уыдоныл дæр кæй
узæлыс, уымæй дæр иузæрдион дæ. 6Уыдон
аргъуанæн радзырдтой дæ уарзты тыххæй.
Хуыцауæн фæндон куыд у, афтæ сæ фæн-
дагмæ куы срæвдз кæнай, уæд уымæй хорз
бакæндзынæ. 7Уыдон балцы ацыдысты Чы-
рыстийы сæраппонд, муртаттæгтæй та æх-
хуыс нæ исынц. 8Æмæ ахæмтæн мах хъуамæ
æххуыс кæнæм, æцæгадæн æмкусджытæ
куыд уæм, афтæ.
9Æз ныффыстон аргъуанмæ, фæлæ
сæм хицауиуæг кæнын чи уарзы, уыцы
Диотреф мах ницæмæ дары. 10Æмæ æз
куы æрцæуон, уæд радзурдзынæн йæ
хъуыддæгты тыххæй. Цъыф ныл калы,
æмæ йæм уый дæр фаг нæ кæсы, фæлæ
ма æфсымæрты йæхæдæг дæр нæ уазæг
кæны æмæ сæ суазæг кæнын кæй фæнды,
уыдонæн дæр æвæры цæлхдуртæ æмæ сæ
тæры аргъуанæй.
11Мæ уарзон хæлар, æвзæр цы у, уый ма
фæзм, фæлæ фæзм, хорз цы у, уый. Хæрз-
гæнæг Хуыцауæй у; хæрам хъуыддæгтæ чи
кæны, уый та Хуыцауы нæ федта.
12Димитрийы тыххæй хорз дзурынц се
'ппæт дæр, æмæ дзы афтæ зæгъы æцæгад
йæхæдæг дæр. Мах дæр стæм æвдисæн-
тæ, æмæ, нæ ныхас æцæг кæй у, уый хорз
зоныс.
13Бирæ цæйдæрты тыххæй дæм ныф-
фыссин, фæлæ мæ милдонæй фыссын нæ
фæнды — 14мæ зæрдæ дарын дæу рæхджы
фенынал, æмæ уæд лæгæй-лæгмæ фæныхас
кæндзыстæм. 15Фæрнæйдзаг у. Салам дын
æрвитынц хæлæрттæ. Ды дæр салам ратт
хæлæрттæй алкæмæн дæр.

# Апостол Иудæйы фыстæг

Иудæ ном тынг арæх æмбæлди уыцы рæстæджы, фæлæ ацы фыстæджы автор уыдис Йерусалимы чырыстон æхсæнады разамонæг Йаковы кæстæр æфсымæр. Уыдон уыдысты Йесо Чырыстийы хæрз хæстæджытæ.

Йæ фыстæджы Иудæ рагацау фæдзæхсы, чырыстон æхсæнæдты Чырыстийы ахуырад зыгъуыммæгæнæг чи уыд æмæ æнæгъдауæй чи цард, уыцы мæнгахуыргæнджыты тыххæй. Уый хаты чырыстæттæм, цæмæй Хуыцауыл иузæрдион уой æмæ æгъдаумæ гæсгæ цæрой.

Иудæйы фыстæгæн йæ текст хæстæг лæууы Петры дыккаг фыстæгмæ. Йæ фыстæг сæ раздæр чи ныффыста, уый зын зæгъæн у. Чи зоны æмæ дыууæ авторы дæр, сæ фыстæджытæ фысгæйæ, пайда кодтой уыцы иу æрмæгæй.

Цымыдисаг уый у, æмæ Иудæ дæр, Петры хуызæн, хатгай дæнцæгæн хаста, Библимæ чи нæ бахаудис, фæлæ уæды рæстæджы цæрæг дзуттæгты æхсæн зындгонд æмæ кадджын цы чингуытæ уыдысты (апокрифтæ), уыдонæй ист ныхæстæ.

---

1Йесо Чырыстийы цагъар Иудæйæ, Йако-
вы æфсымæрæй, — Фыд Хуыцауæн уарзон
æмæ, Йесо Чырысти кæй хъахъхъæны, уыцы
æвзæрстытæм.
2Хуыцау уын ноджы фылдæр бахай кæ-
нæд Йæ хорзæхæй, Йæ фарн æмæ уарзтæй.
3Мæ уарзон хæлæрттæ, кæд мæ зæрдиагæй
фæндыди сымахмæ нæ иумæйаг ирвæзын-
дзинады тыххæй ныффыссын, уæддæр æнæ-
мæнг бакæнинагыл банымадтон сымахмæ
ныффыссын, сыгъдæджытæн иу хатт æмæ
мыггагмæ лæвæрд цы уырныдзинад æр-
цыди, мæ фыстæг уæ ууыл тохмæ куыд сра-
зæнгард кæна, афтæ. 4Уымæн æмæ уæм æр-
баирвæзтысты æнæхуыцау чидæртæ. Уыдон
нæ Хуыцауы хорзæхæй сæхицæн сарæзтой
æлгъаг миты фæрæз, сæхи тигъ кæнынц нæ
иунæг Паддзах æмæ Бардарæг Йесо Чырыс-
тийыл. Рагæй-æрæгмæ фыст ис, уыдон аккаг
æфхæрд кæй баййафдзысты, уый тыххæй.
5Кæд сымахæн зындгонд у, уæддæр мæ
фæнды уæ зæрдыл уын æй æрлæууын кæ-
нын: Дунедарæг Йæ адæмы Мысыры зæх-
хæй куы раирвæзын кодта, уæд уый фæстæ
фесæфта, чи Йыл нæ бауæндыд, уыдоны.
6Йæ кад чи нæ бахъахъхъæдта æмæ йæ
цæрæн бынат чи ныууагъта, уыцы зæдты
Уый стыр Тæрхоны бонмæ æнусон талын-
джы рæхысбастæй дары. 7Уыдонау Содом
æмæ Гоморрæ, стæй сæ алфамбылай сахартæ
дæр кæй хаттысты æмæ фехæлдысты, æмæ
уый тыххæй мыггагмæйы арты кæй судзынц,
уый алкæмæн дæр у зонды хос.
8Афтæ уыцы сæнттæцæгъдджытæ дæр:
æлгъаг кæнынц сæ буар, Хуыцауы бартæ ни-
цæмæ дарынц æмæ уæларвон тыхты ныхмæ
дзурынц. 9Стырзæд Михаел Моисейы буары
тыххæй хæйрæгимæ куы фæбыцæу ис, уæд
тæрхоны бар йæхимæ нæ райста, æфхæрæн
ныхас æм не скодта, æрмæстдæр ын загъта:
«Хуыцау дын Йæхæдæг бауайдзæф кæнæд!»
10Адон та фауынц, цы нæ зонынц, уый. Се
'рдзыхъæдмæ гæсгæ, æнæзонд цæрæгойтау,
цы зонынц, уымæй сæхи сафынц. 11Сар сæ
сæр! Уыдон цæуынц Каины фæндагыл, сæ
зæрдæтæ сарæзтой мулкмæ æмæ фæсай-
ды сты Балаамау, змæнтынц Корейау æмæ
сæфынц.
12Ахæмтæ уæ уарзты æхсæвæрты сты дæл-
денджызон къуыбыртау, — æнæфсармæй
цæл кæнынц уемæ. Æрмæстдæр сæхиуыл
мæт кæнынц; уыдон сты, дымгæ кæй хæс-
сы, ахæм æнæкъæвда мигътæ, бындзарæй
кæй срæдывдæуыд æмæ дыууæ марды чи
акодта, ахæм æнæдыргъ фæззыгон бæлæс-
тæ. 13Уыдон сты, сæ худинаджы фынк кæ-
мæн абухы, уыцы денджызы знæт уылæнтау,
мыггагмæйы саудалынг кæмæ кæсы, уыцы
дзæгъæл стъалытау.
14Уыдоны тыххæй пехуымпариуæг кодта
Енох дæр — Адамы байзæддаджы æвдæм
фæлтæрæй: «Мæнæ фæцæуы Дунедарæг
Йе 'нæнымæц сыгъдæг зæдтимæ, 15цæмæй
æнæхуыцæуттæй алкæмæн дæр стæрхон
кæна, хурмæ сын рахæсса се 'нæхуыцау ми-
тæ æмæ, Йæ ныхмæ кæй дзырдтой, æппæт

уыцы къæйных ныхæстæ». 16Уыдон сты хъу-
ырхъуыргæнджытæ, райгонд ницæмæй сты,
цæрынц сæ монцтæм гæсгæ, æмхиц сты
хиппæлой ныхæстæ æмæ козбау митæм
сæхи пайдайы сæраппонд.

17Фæлæ сымахæй, мæ уарзон хæлæрттæ,
рох ма уæд, нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы
апостолтæ рагагъоммæ цы загътой, уый.
18Уыдон уын дзырдтой, зæгъгæ, рæстæджы
кæрон фæзындзысты, сæ æнæхуыцау монц-
ты дæлбар чи уыдзæн, ахæм фауджытæ.
19Уыдон фæхицæнтæ кæнынц уырнджыты,
кæсынц сæ тæригъæдджын æрдзыхъæды
коммæ, Сыгъдæг Уд сæм нæй.

20Сымах та, мæ уарзон хæлæрттæ, рæзут
уæ сыгъдæг уырнындзинады бындурыл,
кувут Сыгъдæг Удæй разæнгардæй, 21фидар
хæцут Хуыцауы уарзтыл, æнхъæлмæ кæсут
нæ Бардарæг Йесо Чырыстийы хорзæхмæ,
мыггагмæйы цардæй куыд схайджын уат,
афтæ.

22Иутæм, дызæрдыггæнджытæм, кæсут
зæрдæхæларæй, 23иннæты ратонут арты
дзыхæй, æмæ фервæзой, аннæтæм ут зæрдæ-
хæлар, фæлæ уæхи хизут, сæ тæригъæдджын
митæй цы дарæс фелгъаг, суанг уымæй дæр
куыд нæ фæчъизи уат, афтæ.

24Фæкæлынæй уæ бахизын æмæ уæ Йæ
намысмæ æнаиппæй æмæ райгæйæ бакæ-
нын Кæй бон у, 25Бардарæг Йесо Чырыстийы
фæрцы мах Чи фервæзын кодта, уыцы иунæг
Хуыцауæн уæд кад æмæ стырад, паддзахад
æмæ хъомыс — æнусты размæ, ныр æмæ
æнустæм! Аммен.

# Иоанны ӕргомады чиныг

Чиныджы автор чи у, уый фӕдыл быцӕутӕ рагӕй-ӕрӕгмӕ нӕ мынӕг кӕнынц. Иутӕ зӕгъынц, ацы чиныг ныффыста цыппӕрӕм Евангели ӕмӕ ӕртӕ фыстӕджы автор апостол Иоанн. Фӕлӕ йӕ стильмӕ гӕсгӕ уыдоны хуызӕн кӕй нӕу, уымӕ гӕсгӕ автор, кӕд йӕ ном Иоанн хуындис ӕмӕ чырыстон ӕхсӕнӕдтӕй иуы сӕргъы лӕууыд, уӕддӕр, гӕнӕн ис, ӕмӕ ӕндӕр адӕймаг уа. Ацы чиныг ныффыста, Патмосы сакъадахмӕ хаст куы уыдис, уыцы рӕстӕг, чи зоны ӕмӕ, н. д. 90-ӕм азты чырыстӕтты карзӕй чи ӕфхӕрдта, уыцы император Домицианы заман.

Чиныджы ӕргом фыццаджыдӕр арӕзт у Чысыл Азийы (нырыккон Турчы) чырыстон ӕхсӕнӕдтӕм. Уый дзуапп дӕтты, фидӕны цы уыдзӕнис, зӕгъгӕ, ӕфхӕрдӕййафджыты уыцы фарстӕн: Йесо Чырысти ногӕй ӕрцӕудзӕнис зӕхмӕ, Хуыцау ӕмӕ Йӕ адӕмы ныхмӕ чи схӕцыд, уыдоныл се 'ппӕтыл дӕр фӕуӕлахиз уыдзӕн ӕмӕ мыггагмӕйы хорзӕх ратдзӕн, иузӕрдион Ыл чи у, уыдонӕн. Чиныджы ма ныхас цӕуы, чырыстон ӕхсӕнӕдтӕм чи баирвӕзы, уыцы мӕнгахуыргӕнджытӕй хи хъахъхъӕнынил дӕр.

Ацы чиныг дарддӕр хӕссы рагфӕдзӕхстон пехуымпарты традици. Уыдон ирд ӕмӕ зӕрдӕмӕхъаргӕ фӕлгонцаразӕг мадзӕлттӕй ӕвдыстой зӕххон историйы кӕрон ӕмӕ дзырдтой, хорздзинад мыггагмӕ кӕй фӕуӕлахиз уыдзӕн фыдбылызыл. Чи зоны ӕмӕ Ног Фӕдзӕхсты чингуыты ӕхсӕн ацы чиныг у тӕккӕ зындӕрӕмбарӕн ӕмӕ зындӕрамонӕн: уый йемыдзаг у поэтикон фӕлгонцтӕ ӕмӕ фидӕны ӕрцӕуинаг пехуымпар ныхӕстӕй.

---

**1** Ацы чиныг у Йесо Чырыстийы ӕргомад —
уый Йын рардӕуыди Хуыцауӕй, цӕмӕй
Йӕ цагъартӕн раргом кӕна, рӕхджы цы
уыдзӕнис, уый. Ӕппӕт уыдӕттӕ Йесо Йӕ
зӕды фӕрцы равдыста Йӕ цагъар Иоаннӕн.
2 Ӕмӕ Иоанн, цы федта, уыдон иууылдӕр
фехъусын кодта. Афтӕмӕй уый ӕвдисӕн
ныллӕууыд Хуыцауы ныхасӕн ӕмӕ ра-
дзырдта Йесо Чырыстийы тыххӕй. 3 Тӕ-
худиаг сты, ацы пехуымпар ныхӕстӕ чи
кӕсы ӕмӕ сӕм чи хъусы, цы фыст дзы ис,
уыдӕттӕ кӕмӕ хъарынц, уыдон, уымӕн
ӕмӕ рӕстӕг ӕрӕввахс.
4 Иоаннӕй — Азийы авд аргъуанмӕ: хорзӕх
ӕмӕ уын фарн, Чи ис, Чи уыд ӕмӕ Чи ӕр-
цӕудзӕн, Уымӕй ӕмӕ, Йӕ бадӕны раз чи ис,
уыцы авд удӕй 5 ӕмӕ иузӕрдион Ӕвдисӕн
Йесо Чырыстийӕ — мӕрдтӕй фыццаг Чи
райгас ис ӕмӕ зӕххон паддзӕхты Паддзах
Чи у, Уымӕй.
Мах Чи уарзы ӕмӕ нӕ Йӕ Туджы руа-
джы нӕ тӕригъӕдтӕй Чи фервӕзын кодта,
6 паддзӕхтӕ ӕмӕ нӕ Йӕ Хуыцауӕн ӕмӕ
Фыдӕн лӕггадгӕнджытӕ Чи скодта, Уымӕн
кад ӕмӕ Паддзахад уӕд ӕнусӕй-ӕнустӕм!
Аммен.
7 Мӕнӕ Уый ӕврӕгътимӕ ӕрцӕуы,
ӕмӕ Йӕ алчидӕр фендзӕн,
чи Йӕ барӕхуыста, уыдон дӕр.
Ӕмӕ Йӕ разы ныккӕудзысты
зӕххон адӕмтӕ иууылдӕр.
Афтӕ уыдзӕн ӕцӕг! Аммен.
8 «Ӕз дӕн Альфӕ ӕмӕ Омегӕ [райди-
ан ӕмӕ кӕрон]», — зӕгъы Бардарӕг Ху-
ыцау, Чи ис, Чи уыд ӕмӕ Чи ӕрцӕудзӕн,
Уый — Ӕппӕтылхӕцӕг.
9 Йесойы тыххӕй уемӕ фӕразонӕй тухӕн-
тӕ чи ӕвзары, сымахимӕ Йӕ Паддзахады
хай чи райсдзӕн, ӕз уӕ уыцы ӕфсымӕр
Иоанн дӕн. Хуыцауы ныхас кӕй амыдтон
ӕмӕ Йесойӕн ӕвдисӕн кӕй лӕууыдтӕн,
уый тыххӕй ӕз хаст уыдтӕн, Патмос кӕй
хонынц, уыцы сакъадахмӕ. 10 Хуыцаубоны
ӕз уыдтӕн Сыгъдӕг Удӕй разӕнгард ӕмӕ
фӕстейӕ фехъуыстон нӕргӕ хъӕлӕс, сы-
къауадындзы зӕлыны хуызӕн: «[Ӕз дӕн
Альфӕ ӕмӕ Омегӕ, Фыццаг ӕмӕ Фӕстаг.]
11 Цы уыныс, уый чиныджы ныффысс ӕмӕ
йӕ арвит Азийы авд аргъуанмӕ: Эфесмӕ,
Смирнӕмӕ, Пергаммӕ, Фиатирӕмӕ, Сар-
дисмӕ, Филадельфи ӕмӕ Лаодикимӕ».
12 Ӕз акастӕн фӕстӕмӕ, чи мӕм дзуры,
уый фенон, зӕгъгӕ. Ӕмӕ куы акастӕн, уӕд
федтон авд сыгъзӕрин цырагъдарӕны,
13 ӕмӕ цыма цырагъдарӕнты хсӕн лӕууы
чидӕр — Адӕймаджы фырты ӕнгӕс. Йӕ

**1:8** *Альфӕ ӕмӕ Омегӕ* – бердзенаг алфавиты фыццаг ӕмӕ фӕстаг дамгъӕтӕ.

уæлæ — даргъ дарæс, Йæ гуыр — сыгъзæрин
ронæй æлвæст. 14Йæ сæрыхъуынтæ митау
уыдысты урс-урсид, урс къуымбилы æнгæс.
Йæ цæстытæ — пиллон артау. 15Йæ къæхтæ
æрттывтой, пецы чи сзынг, ахæм æрхуыйау,
Йæ хъæлæс та нæрыд стыр æхсæрдзæнау.
16Йæ рахиз къухы — авд стъалыйы, Йæ дзы-
хæй æддæмæ зынди цыргъ дыкомыг цирхъ,
Йæ цæсгом уыди æмбисбоны тæмæнкалгæ
хуры хуызæн.
17Æмæ Йæ æз куы федтон, уæд мардау Йæ
къæхты бынмæ æрхаудтæн. Уæд мыл Уый
æрæвæрдта Йæ рахиз къух æмæ мын загъ-
та: «Ма тæрс. Æз дæн Фыццаг æмæ Фæстаг,
18дæн удæгас. Æз уыдтæн мард, фæлæ мæнæ
цардæгас дæн мыггагæй-мыггагмæ! Мæнмæ
сты мæрдтыбæстæйы æмæ мæлæты дæ-
гъæлтæ. 19Уæдæ ныффысс, цы федтай, цытæ
цæуы æмæ фæстæдæр цытæ æрцæудзæн,
уый тыххæй. 20Мæ рахиз къухы кæй уыныс,
уыцы авд стъалыйы, стæй авд сыгъзæрин
цырагъдарæны сусæгдзинад ахæм у: авд
стъалыйы сты авд аргъуаны зæдтæ, авд цы-
рагъдарæны та — авд аргъуаны.

**2** Эфесы аргъуаны зæдмæ ныффысс: „Йæ
рахиз къухы авд стъалыйы Чи дары, авд
сыгъзæрин цырагъдарæны æхсæн Чи цæуы,
Уый афтæ зæгъы: 2зонын дын дæ хъуыддæг-
тæ, дæ фæллой, фæразон кæй дæ, æнæуаг
адæмæн кæй нæ быхсыс, йæхи апостол чи
хоны, уæвгæ та апостол чи нæу, уыдоны кæй
бафæлвæрдтай æмæ, мæнгард кæй сты, уый
кæй базыдтай, уыдæттæ. 3Ды фæразон дæ,
бирæ бавзæрстай Мæ номы сæраппонд, æмæ
нæ бафæлладтæ. 4Фæлæ дæ азымджыныл
нымайын, дæ фыццаг уарзт дæм кæй нал ис,
уый тыххæй. 5Уæдæ цы бæрзæндæй æрхауд-
тæ, уый æрымыс, æрфæсмон кæн æмæ дæ
раздæры хъуыддæгтæ араз. Куы не 'рфæсмон
кæнай, уæд дæм æрцæудзынæн æмæ дын
дæ цырагъдарæн айсдзынæн йæ бынатæй.
6Æниу дæм хорзæй уый ис, æмæ, николаитты
хъуыддæгтæ Мæнæн куыд æнæуынон сты,
афтæ æнæуынон сты дæуæн дæр. 7Хъустæ
кæуыл ис, уый хъусæд, Уд аргъуантæн цы
зæгъы, уымæ. Уæлахиздзауæн ратдзынæн,
Хуыцауы дзæнæты цы царды бæлас ис, уый
дыргъæй бахæрыны бар“.
8Смирнæйы аргъуаны зæдмæ дæр ныф-
фысс: „Фыццаг æмæ Фæстаг, мард Чи уыд
æмæ ныр удæгас Чи у, Уый афтæ зæгъы: 9зо-
нын дын [дæ хъуыддæгтæ] дæ хъизæмæрттæ
æмæ дæ мæгуырдзинад; æниу, хъæздыг дæ.
Зонын æй, сæхи иудейæгтæ чи хоны, уæвгæ
та иудейæгтæ нæ, фæлæ сайтаны æмбырд чи
у, уыдон дыл цъыф кæй калынц, уый. 10Цы
хъизæмæрттæ æвзарын дæ бахъæудзæн, уы-
донæй ма тæрс. Уæ бафæлварыны тыххæй
хæйрæг сымахæй кæйдæрты баппардзæн
ахæстоны, æмæ уæ хъизæмар ахæсдзæни
дæс боны. Мæлын дæ куы бахъæуа, уæд
дæр-иу баззай иузæрдионæй, æмæ дын Æз
ратдзынæн хæрзиуæг — мыггагмæйы цард.
11Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд, Уд аргъу-
антæн цы зæгъы, уымæ. Уæлахиздзауæн тас
нæу дыккаг мæлæтæй“.
12Пергамы аргъуаны зæдмæ дæр ныффысс:
„Цыргъ дыкомыг цирхъ Кæмæ ис, Уый афтæ
зæгъы: 13Æз зонын: ды цæрыс, сайтанæн йæ
паддзахы бадæн кæм ис, уым, фæлæ уæд-
дæр æнувыд дæ Мæ номыл. Ды мыл дæхи
нæ атигъ кодтай, суанг Мыл, сайтан кæм
цæры, уæ уыцы сахары Мæ иузæрдион æв-
дисæн Антипæйы куы амардтой, уæд дæр.
14Фæлæ дæ уæддæр иу цасдæр азымджыныл
нымайын, уымæн æмæ сымахмæ ис, Балаа-
мы ахуырадыл хæст чи у, ахæмтæ; Балаам
та сахуыр кодта Балакы, æмæ уый Израилы
адæмы сардыдта мæнгхуыцæуттæн хаст ны-
вæндтæ хæрын æмæ хæлд митæ кæныныл.
15Афтæ дæумæ дæр ис николаитты ахуы-
радыл хæст адæймæгтæ. 16Æрфæсмон кæн,
науæд дæм рæхджы æрцæудзынæн æмæ
семæ тох кæндзынæн Мæ дзыхæй рацæугæ
кардæй. 17Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд, Уд
аргъуантæн цы зæгъы, уымæ. Уæлахиздза-
уæн ратдзынæн æмбæхст маннæйæ, стæй
ма йын ратдзынæн урс дур. Дурыл фыст
уыдзæни ног ном, æмæ йæ ничи зондзæн,
чи йæ райса, уый йеддæмæ“.
18Фиатирæйы аргъуаны зæдмæ дæр ныф-
фысс: „Афтæ зæгъы Хуыцауы фырт, Йæ цæс-
тытæ пиллон артау Кæмæн сты, Йæ къæхтæ
зынг æрхуыйау Кæмæн æрттивынц, Уый:
19зонын дын дæ хъуыддæгтæ, дæ уарзт, дæ
уырнындзинад, дæ куыст æмæ, фæразон
кæй дæ, стæй, дæ фæстаг хъуыддæгтæ фыц-
цæгтæй фылдæр кæй сты, уый. 20Фæлæ дæ
уæддæр азымджыныл нымайын: йæхи пе-
хуымпар чи хоны, уыцы сылгоймаг Иеза-
велæн дæттыс йæ ахуырадæй Мæ цагъарты
фæливыны фадат — ардауы сæ хæтыныл
æмæ мæнгхуыцæуттæн хаст нывæндтæй
хæрыныл. 21Æз ын радтон рæстæг æрфæс-
мон кæнынæн, фæлæ хъæхбай кæй у, ууыл
æй æрфæсмон кæнын нæ фæнды. 22Мæ-
нæ йыл Æз æфтауын низ; йемæ чи хæты,
уыдон та сæ митыл куынæ æрфæсмон кæ-
ной, уæд сæ стыр бæллæхы баппардзынæн.

23Йæ сывæллæтты дæр ын амардзынæн;
уæд æппæт аргъуантæ дæр базондзысты, Æз
адæймагæн йæ зæрдæ æмæ йæ хъуыдытæ
кæй уынын, уый, æмæ уæ алкæмæн дæр
кæй йæ хъуыддæгтæм гæсгæ бафиддзынæн.
24Сымахæн та — Фиатирæйы чи ис æмæ
уыцы ахуырадыл хæст чи нæу, сайтаны су-
сæгдзинæдтæ кæй хонынц, уыдоны чи нæ
аныгъуылд — зæгъын: æндæр уаргъ уыл
нæ сæвæрдзынæн. 25Æрмæст Ме ’рцыдмæ
иузæрдион ут, цы уæм ис, ууыл. 26Чи фæ-
уæлахиз уа æмæ Мын кæронмæ коммæгæс
чи разына, уымæн Æз ратдзынæн адæмтæн
хицауиуæг кæныны бар, 27Æз уыцы бар Мæ
Фыдæй куыд райстон, афтæ. Уый сæ хиз-
дзæни æфсæн лæдзæгæй, æлыгæй конд ми-
гæнæнтау базгъæлæнтæ уыдзысты, 28æмæ
йын Æз ратдзынæн Бонвæрнон. 29Хъустæ
кæуыл ис, уый хъусæд, Уд аргъуантæн цы
зæгъы, уымæ“.

**3** Сардисы аргъуаны зæдмæ дæр ныффысс:
„Хуыцауы авд уды æмæ авд стъалыйы Кæмæ
сты, Уый афтæ зæгъы: зонын дын дæ хъуыд-
дæгтæ; ды хæссыс удæгасы ном, фæлæ мард
дæ. 2Райхъал у æмæ дæм сæфты къахыл цы
лæууы, уый сфидар кæн. Уымæн æмæ Æз
зонын, дæ хъуыддæгтæ Мæ Хуыцауы цæсты
æнаипп кæй не сты, уый. 3Уæдæ дæ цæуыл
сахуыр кодтой æмæ цы фехъуыстай, уый
æрымыс, цæр уымæ гæсгæ æмæ æрфæс-
мон кæн. Куынæ райхъал уай, уæд дæм Æз
æрцæудзынæн хуыснæгау, æмæ Мын ды Ме
’рцыды сахат нæ базондзынæ. 4Уæвгæ дын
Сардисы ис, йæ дарæс чи нæ фæчъизи кодта,
цалдæр ахæм адæймаджы. Уыдон урс-урсид
дарæсы цæудзысты Мемæ, уымæн æмæ уый
аккаг сты. 5Уæлахиздзау уыдонау урс-урсид
дарæс скæндзæн, æмæ йын йæ ном царды
чиныгæй нæ фесафдзынæн. Мæ Фыд æмæ
Йæ зæдты раз æй Æз банымайдзынæн Мæ-
хионыл. 6Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд, Уд
аргъуантæн цы зæгъы, уымæ“.

7Филадельфийы аргъуаны зæдмæ дæр
ныффысс: „Сыгъдæг æмæ Æцæг Чи у, Да-
виды дæгъæл Кæмæ ис, сæхгæнæн æй ку-
ыд нæ уа, афтæ дуар Чи байгом кæны æмæ,
байгом кæнæн ын куыд нæ уа, афтæ йæ Чи
сæхгæны, Уый: 8зонын дын дæ хъуыддæгтæ.
Мæнæ дын Æз байгом кодтон дуар, æмæ йæ
сæхгæнын никæй бон бауыдзæн. Дæумæ
бирæ тых нæй, фæлæ уæддæр хъуыстай
Мæ ныхасмæ æмæ Мыл дæхи нæ атигъ код-
тай. 9Сайтаны æмбырды чи ис, йæхи иудե-
йаг чи хоны, афтæмæй иудейаг нæ, фæлæ
фæливæг чи у, уыдонæн Æз бакæндзынæн
афтæ: æрцæудзысты æмæ дæ къæхты бынмæ
æрхаудзысты, æмæ уæд базондзысты, Æз
дæ кæй бауарзтон, уый. 10Мæ фæдзæхст-
мæ гæсгæ, фæразон кæй разындтæ, уый
тыххæй дæ Æз бахиздзынæн, зæххон цæр-
джыты бафæлварынæн æппæт дунейы цы
фыдæвзарæн рæстæг уыдзæн, уымæй. 11Æз
рæхджы æрцæудзынæн. Цы дæм ис, ууыл
фидар хæц, цæмæй дын дæ хæрзиуæг мачи
байса. 12Уæлахиздзауы скæндзынæн Мæ
Хуыцауы Кувæндоны астæуккаг цæджындз,
æмæ дзы никуыуал рацæудзæн. Ныффыс-
дзынæн ыл Мæ Хуыцауы ном, уæларвæй,
Мæ Хуыцауæй, чи æрцæудзæн, Мæ Хуыцауы
уыцы ног сахары — Йерусалимы ном æмæ
Мæ ног ном. 13Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд,
Уд аргъуантæн цы зæгъы, уымæ“.

14Лаодикийы аргъуаны зæдмæ дæр ныф-
фысс: „Афтæ зæгъы Аммен, иузæрдион æмæ
æцæг æвдисæн, Хуыцау цыдæриддæр сфæл-
дыста, æппæт уыдоны Райдиан: 15зонын дын
дæ хъуыддæгтæ. Ды нæдæр уазал дæ, нæдæр
тæвд. О, фæлтау уазал кæнæ тæвд куы уаис!
16Тæвд дæр æмæ уазал дæр нæ, фæлæ хъæр-
муст кæй дæ, уый тыххæй дæ Æз Мæ дзыхæй
сæппардзынæн. 17Ды зæгъыс, æз хъæздыг
дæн, бирæ мулк мæм ис æмæ ницы хъуаг
æййафын, зæгъгæ. Фæлæ нæ зоныс, мæгуыр,
кæуинаг, гæвзыкк, куырм æмæ бæгънæг кæй
дæ, уый. 18Æз дын зæгъын: арты чи ссыгъ-
дæг, ахæм сыгъзæрин балхæн Мæнæй æмæ
схъæздыг уай; ноджы ма балхæн урс дарæс,
скæн æй дæ уæлæ æмæ дæ бæгънæг буары
худинæгтæ мауал зыной. Цæмæй уынай,
уый тыххæй дæр балхæн хос Мæнæй æмæ
дзы дæ цæстытæ байсæрд. 19Кæй уарзын,
уыдонæн Æз бауайдзæф кæнын æмæ сæ
бафхæрын. Уæдæ æнувыд у æмæ æрфæсмон
кæн дæ тæригъæдтыл. 20Мæнæ Æз дуармæ
лæууын æмæ хойын. Мæ хъæлæс Мын чи
фехъуса æмæ дуар чи байгом кæна, уымæ
бацæудзынæн æмæ йемæ минас кæндзынæн,
уый та — Мемæ. 21Уæлахиздзауы Æз Мемæ
сбадын кæндзынæн Мæ паддзахы бадæны,
Æз куыд фæуæлахиз дæн æмæ Мæ Фыдимæ
Йæ бадæны куыд сбадтæн, афтæ. 22Хъустæ
кæуыл ис, уый хъусæд, Уд аргъуантæн цы
зæгъы, уымæ“».

**4** Уый фæстæ æз федтон арвы дуар гомæй.
Æмæ раздæр кæй фехъуыстон, сыкъауадын-
дзы зæлынау мемæ цы хъæлæс ныхас кодта,
уый мын загъта: «Ссу ардæм, æмæ дын Æз
фенын кæнон, фидæны цы уыдзæн, уый».

2 Сыгъдæг Уд мæ уайсахат систа, æмæ мæ-
нæ мæ разы паддзахы бадæн уæларвы, пад-
дзахы бадæны та федтон Бадæджы. 3 Уый
тæмæнтæ калдта зынаргъ дуртау — яшмæ
æмæ сердоликау. Паддзахы бадæны алыварс
изумрудау æрттывта арвæрдын. 4 Паддза-
хы бадæны алыварс — цыппар æмæ ссæдз
паддзахы бадæны. Уыцы бадæнты бадтыс-
ты цыппар æмæ ссæдз хистæры. Уыди сыл
урс-урсид дарæс, сæ сæртыл та — сыгъзæрин
кады худтæ. 5 Паддзахы бадæнæй-иу рацы-
дис æрвæрттывдтæ, хъуысти дзы æрвнæрды
гыбар-гыбур, паддзахы бадæны раз сыгъдис
авд цырагъы — уыдон сты Хуыцауы авд уды.
6 Паддзахы бадæны раз уыдис цыдæр — ав-
джын денджызы хуызæн, дзæнхъайау ирд.
Паддзахы бадæн кæм уыди, уыцы бынаты
хæдастæу æмæ йæ алыварс уыди цыппар
уæларвон удгоймаджы бирæ цæстытимæ,
разæй дæр æмæ фæстейæ дæр. 7 Фыццаг
уæларвон удгоймаг уыди домбайы хуызæн,
дыккаг удгоймаг — галы хуызæн, æртыккаг
удгоймагæн йæ цæсгом уыдис адæймаджы
цæсгомау, цыппæрæм удгоймаг та уыди
тæхгæ цæргæсы хуызæн. 8 Цыппар уæлар-
вон удгоймагæй алкæмæн дæр уыди фæйнæ
æхсæз базыры; алырдыгæй дæр æмæ сæ ба-
зырты бын дæр уыди бирæ цæстытæ. Уыдон
æхсæвæй-бонæй æнæрынцайгæйæ дзурынц:

Уаз у, уаз у, уаз у
Дунедарæг Хуыцау, Æппæтылхæцæг,
«Чи уыд, Чи ис æмæ Чи æрцæуудзæн,
Уый!»

9 Паддзахы бадæны Бадæгæн, мыггагæй-
мыггагмæ Цардæгасæн уыцы уæларвон уд-
гоймæгтæ намысы, кады æмæ арфæйы ны-
хæстæ куы фæдзурынц, 10 уæд цыппар æмæ
ссæдз хистæры ныддæлгом вæййынц пад-
дзахы бадæны Бадæджы раз æмæ бакувынц
æнусæй-æнустæм Цардæгасмæ, сæ кады
худтæ æрæвæрынц Йæ паддзахы бадæны
раз æмæ хъæрæй фæзæгъынц:

11 «Ды цыт æмæ кады аккаг дæ,
нæ тыхджын Дунедарæг æмæ нæ
Хуыцау,
уымæн æмæ æппæт дæр Ды
сфæлдыстай,
æппæт дæр сфæлдыстæуыд
æмæ æппæт дæр Дæ фæндонмæ гæсгæ
ис».

**5** Уæд паддзахы бадæны Бадæджы рахиз
къухы æз федтон, дыууæрдыгæй дæр фыст
кæуыл уыд, ахæм тухгæ чиныг; æхгæд уыдис
авд мыхуырæй. 2 Æз федтон хъомысджын
зæды. Уый хъæрæй бафарста: «Чи у ацы
чиныджы мыхуыртæ асæттыны æмæ йæ
байгом кæныны аккаг?»

3 Æмæ нæдæр уæларвы, нæдæр зæххыл,
нæдæр зæххы бын искæй бон уыди чиныг
байгом кæнын æмæ, цы фыст дзы ис, уый
фенын. 4 Æмæ æз бирæ фæкуыдтон, уыцы
чиныг байгом кæныны æмæ дзы цы фыст ис,
уый фенынbackslash аккаг кæй ничи разынди, ууыл.
5 Уæд мын цыппар æмæ ссæдз хистæрæй иу
загъта: «Ма ку, мæнæ фæуæлахиз Домбай,
Иудæйы хæдзарвæндагæй, Давиды Æвзар.
Уый асæтдзæн авд мыхуыры æмæ байгом
кæндзæн чиныг».

6 Æз федтон: Хуыцау кæм бады, уыцы бы-
наты хæдастæу лæууыд Уæрыкк, Йæ алыварс
та — цыппар уæларвон удгоймаджы æмæ
цыппар æмæ ссæдз хистæры. Уæрыккæн
уыди, цыма Йæ нывондæн æрхастæуыд,
ахæм хуыз. Уыдис Ын авд сыкъайы æмæ авд
цæсты — æппæт зæхмæ кæй рарвыстæуыд,
Хуыцауы уыцы авд уды.

7 Уæрыкк æрбацыд æмæ паддзахы бадæны
Бадæджы рахиз къухæй райста тухгæ чиныг.
8 Куы йæ райста, уæд цыппар уæларвон уд-
гоймаджы æмæ цыппар æмæ ссæдз хистæ-
ры ныддæлгом сты Уæрыччы раз. Алкæмæ
дæр дзы уыди фæндыр, стæй будæй йедзаг
сыгъзæрин будсудзæнтæ — сыгъдæджыты
куывдтытæ.

9 Уыдон зарыдысты ног зарæг:

«Ды дæ чиныг райсыны
æмæ йын йæ мыхуыртæ сисыны
аккаг!
Уымæн æмæ Дæу æрхастæуыди
нывондæн,
æмæ Дæ Тугæй Ды Хуыцауæн балхæд-
тай адæмты —
алы мыггаг æмæ алы æвзаг,
алы адæм æмæ алы знæмты æхсæнæй!
10 Скодтай сæ паддзæхтæ,
нæ Хуыцауæн лæггадгæнджытæ,
æмæ паддзахиуæг кæндзысты
зæххыл».

11 Æз акастæн æмæ фехъуыстон, паддзахы
бадæны, цыппар уæларвон удгоймаджы
æмæ цыппар æмæ ссæдз хистæры алыварс
цы бирæ зæдтæ уыди, уыдоны хъæлæс. Уы-
дон уыдысты æрдзæ-æрдзæтæ, мин-минтæ
12 æмæ хъæрæй дзырдтой:

«Нывондæн Кæй æрхастæуыд,
уыцы Уæрыкк у кад, намыс
æмæ арфæйы аккаг;
Уый у тыхджын æмæ хъæздыг,
куырыхон æмæ хъомысджын!»

13 Æз фехъуыстон, Хуыцау кæй сфæлдыста,
уыдон се ’ппæт дæр — уæларвыл, зæххыл,
зæххы бын, денджызы — дун-дунейы чи-
дæриддæр ис, уыдон цы дзырдтой, уый:

«Паддзахы бадæны Бадæгæн æмæ
Уæрыккæн —
арфæ, кад, намыс æмæ æппæт бартæ
мыггагæй-мыггагмæ!»

14 Цыппар уæларвон удгоймаджы загътой:
«Аммен». Цыппар æмæ ссæдз хистæры дæр
ныддæлгом сты зæххыл æмæ бакуывтой,
мыггагмæ Цардæгас Чи у, Уымæн.

**6** Æз федтон: Уæрыкк авд мыхуырæй асаста
фыццаг, æмæ фехъуыстон цыппар уæларвон
удгоймагæй иуы хъæлæс, цыма арв ныннæ-
рыди, уыйау: «Рацу [æмæ кæс]».
2 Æз федтон урс бæх; йæ барæгмæ уыдис
æрдын. Кады худ ын лæвæрд æрцыд æмæ
уæлахиздзауæй рацыд, куыд фæуæлахиз
уа, афтæ.
3 Уæрыкк дыккаг мыхуыр куы асаста, уæд
фехъуыстон, дыккаг уæларвон удгоймаг цы
загъта, уый: «Рацу [æмæ кæс]».
4 Æмæ рацыд æндæр, æртхуыз бæх; йæ
барæгæн лæвæрд æрцыд зæххæй сабырад
айсыны бар, цæмæй марой кæрæдзи; æмæ
йæм радтой стыр цирхъ.
5 Уæрыкк æртыккаг мыхуыр куы систа,
уæд фехъуыстон, æртыккаг уæларвон уд-
гоймаг цы загъта, уый: «Рацу [æмæ кæс]». Æз
федтон сау бæх; йæ барæджы къухы уыди
барæн. 6 Цыппар уæларвон удгоймаджы кæм
уыдысты, уырдыгæй мæм райхъуысти адæй-
маджы хъæлæсау: «Мæнæуы къус — динарыл,
хъæбæрхоры æртæ къусы динарыл, оливæйы
сой æмæ сæнæн та знаггад ма ракæн».
7 Уæрыкк цыппæрæм мыхуыр куы систа,
уæд фехъуыстон цыппæрæм уæларвон уд-
гоймаджы хъæлæс: «Рацу [æмæ кæс]».
8 Æз федтон фæлурс бæх; йæ барæджы
ном — мæлæт. Мæрдтыбæстæ цыдис йæ
фæдыл, æмæ сын лæвæрд уыди зæххы цып-
пæрæм хайыл карды æмæ стонджы, рыны
æмæ зæххон сырдты фæрцы марыны бар.
9 Уæрыкк фæндзæм мыхуыр куы асаста,
уæд нывондхæссæны бын федтон, Хуыцауы
ныхасы тыххæй æмæ се ’вдисæнады тыххæй
кæй амардæуыд, уыдоны удтæ. 10 Уыдон
хъæлæсыдзагæй дзырдтой: «Уаз æмæ Æцæг
Дунедарæг, кæдмæ у Дæ каст, зæххон цæр-
джытæн тæрхон цæуылнæ рахæссыс æмæ
сæ нæ туг цæуылнæ райсыс?»
11 Уæд уыдонæй алкæмæн дæр лæвæрд æр-
цыди урс-урсид дарæс æмæ сын загъдæуыд,
цæмæй ма банхъæлмæ кæсой иу цасдæр,
зæххыл ма уыдонау кæй хъуамæ амардæуа,
сæ уыцы æмкусджытæ æмæ æфсымæртæ
цалынмæ нымæц баххæст кæной, уæдмæ.
12 Уæрыкк æхсæзæм мыхуыр куы асаста,
уæд æз федтон: зæхх тынг нынкъуысти, хур
сæхъисау ныссау ис, мæй та туджы хуызæн
сси. 13 Стъалытæ арвæй æрхаудысты зæхмæ,
тыхджын дымгæ легъуи бæлас куы ныууи-
гъы, уæд йæ цъæх дыргътæ куыд æрызгъæ-
лынц, уыйау.
14 Арв тыхтонау æрбампылд æмæ фæцы-
дæр. Алы хох æмæ сакъадах дæр йæ бынатæй
фенкъуысыди.
15 Зæххон паддзæхтæ æмæ стыр хицæуттæ,
æфсæддон разамонджытæ æмæ хъæздгуытæ,
тыхджынтæ, алы цагъар æмæ алы сæрибар
дæр бамбæхстысты лæгæтты æмæ хæхты —
къæдзæхты æхсæн. 16 Æмæ дзурынц хæхтæн
æмæ къæдзæхтæн: «Рафæлдæхут ныл æмæ нæ
уæ быны бамбæхсут паддзахы бадæны Бадæ-
гæй æмæ Уæрыччы фыдæхæй. 17 Ралæууыди Сæ
азары стыр бон, æмæ йын чи бафæраздзæн?»

**7** Æппæт уыдæтты фæстæ æз федтон
цыппар зæды. Уыдон лæууыдысты зæххы
цыппар кæроны æмæ хæцыдысты цыппар
зæххон дымгæйыл, нæдæр зæххыл, нæдæр
денджызыл, нæдæр бæлæстыл куыннæ ды-
мой, афтæ. 2 Æз федтон æндæр зæды дæр.
Уый скæсæнæй ссæйцыд, æмæ йæм уыди
Цардæгас Хуыцауы мыхуыр. Зæд ныхъхъæр
кодта, зæххæн æмæ денджызæн знаггад ра-
кæныны бар лæвæрд кæмæн æрцыд, уыцы
цыппар зæдмæ: 3 «Цалынмæ нæ Хуыцауы
цагъарты тæрныхтыл мыхуыр сæвæрæм,
уæдмæ знаггад ма ракæнут нæдæр зæххæн,
нæдæр денджызæн, нæдæр бæлæстæн».
4 Æз фехъуыстон, мыхуыр æвæрд кæуыл
æрцыд, уыдоны нымæц: израилаг адæмы
æппæт хæдзарвæндæгтæй мыхуыр æвæрд
æрцыди сæдæ цыппор цыппар миныл.

5 Иудæйы хæдзарвæндагæй мыхуыр
æвæрд æрцыд дыууадæс миныл;
Рувимы хæдзарвæндагæй — дыууа-
дæс миныл;
Гады хæдзарвæндагæй — дыууадæс
миныл;
6 Асиры хæдзарвæндагæй — дыууадæс
миныл;
Неффалимы хæдзарвæндагæй — дыу-
уадæс миныл;

**6:6** *Къус* – бердзенаг æвзагыл ацы ран ис дзырд «хиникс» – 1 литры (600 граммы) бæрц.

Менассиайы хæдзарвæндагæй — дыууадæс минrealisт;

7 Симеоны хæдзарвæндагæй — дыууадæс миныл;
Левийы хæдзарвæндагæй — дыууадæс миныл;
Иссахары хæдзарвæндагæй — дыууадæс миныл;
8 Зевулоны хæдзарвæндагæй — дыууадæс миныл;
Йосефы хæдзарвæндагæй — дыууадæс миныл;
Бениамины хæдзарвæндагæй — дыуадæс миныл.

9 Уый фæстæ æз федтон, нымайын дæр кæй
ничи бафæрæзтаид, уый бæрц дзыллæ — алы
адæмыхæттытæ, алы мыггаг, алы адæмтæ
æмæ æвзæгтæй; сæ уæлæ — урс-урсид дарæс,
сæ къухы — пальмæйы къалиутæ. Уыдон
лæууыдысты паддзахы бадæны æмæ Уæрыччы раз 10 æмæ хъæлæсыдзагæй дзырдтой:

«Паддзахы бадæны Чи бады, нæ уыцы Хуыцаумæ
æмæ Уæрыкмæ — ирвæзындзинад!»

11 Зæдтæ иууылдæр лæууыдысты паддзахы
бадæны, стæй цыппар æмæ ссæдз хистæры
æмæ цыппар уæларвон удгоймаджы алыварс.
Уыдон ныддæлгом сты паддзахы бадæны
раз æмæ куывтой Хуыцаумæ:

12 «Аммен! Кад æмæ арфæ,
уæлзонд æмæ арфæтæ,
намыс, тых æмæ хъомыс
нæ Хуыцаумæ сты мыггагмæ! Аммен!»

13 Цыппар æмæ ссæдз хистæрæй мæ иу
бафарста: «Уæртæ урс-урсид дарæс кæуыл
ис, уыдон чи сты æмæ кæцæй æрцыдысты?»
14 Æз ын загътон: «Ды йæ дæхæдæг зоныс,
ме ’лдар». Уæд мын загъта:

«Стыр бæллæхæй чи æрцыд, уыдон сты;
сæ дарæстæ ныхсадтой æмæ сæ сурс кодтой
Уæрыччы Тугæй.

15 Уымæн лæууынц Хуыцауы бадæны раз
æмæ Йын æхсæвæй-бонæй
лæггад кæнынц Йæ Кувæндоны,
æмæ сæ паддзахы бадæны Бадæг
бакæндзæни Йæ дæлбазыр.
16 Уыдон нал æвзардзысты
нæдæр стонг, нæдæр дойны,
хур сæ нал судздзæн,
æмæ сæ æнтæф нал бахъыгдардзæн.
17 Уымæн æмæ, Хуыцау кæм бады,
уыцы бынаты хæдастæу цы Уæрыкк ис,
Уый сæ хиздзæн æмæ сæ акæндзæни
царддæттæг суадæттæм,
æмæ сын Хуыцау сæ цæстытæй
ныссæрфдзæни сæ цæссыг».

**8** Уæрыкк æвдæм мыхуыр куы систа, уæд
сахаты æрдæджы бæрц уæларвы иу сыбыртт
дæр нал райхъуыст. 2 Æмæ æз федтон Хуыцауы раз лæууæг авд зæды; уыдонмæ лæвæрд
æрцыд авд сыкъауадындзы.

3 Æрбацыд æндæр зæд сыгъзæрин будсудзæнимæ æмæ æрлæууыд нывондхæссæны
раз. Бирæ буд ын лæвæрд æрцыд, цæмæй
йæ æппæт сыгъдæджыты куывдтытимæ
æрæвæра, паддзахы бадæны раз цы сыгъзæрин нывондхæссæн уыди, ууыл. 4 Буды
фæздæг сыгъдæджыты куывдтытимæ зæды
къухæй фæцыд хердмæ, Хуыцаумæ. 5 Зæд
райста будсудзæн, байдзаг æй кодта нывондхæссæны цæхæрæй æмæ йæ фехста
зæхмæ. Райхъуыст æрвнæрды гыбар-гыбур,
арв ныгрттывта, æмæ зæхх нынкъуысти.

6 Уæд, авд сыкъауадындзы кæмæ уыди,
уыцы авд зæды сæхи æрцæттæ кодтой сыкъауадындзтæй уасынмæ.

7 Фыццаг зæд сыкъауадындзæй ныууасыд,
æмæ зæххыл ныууарыдысты их æмæ арт
тугæмхæццæйæ. Басыгъд зæххы æртыццаг хай, басыгъд бæлæсты æртыццаг хай,
басыгъд цъæх кæрдæг æгасæй дæр.

8 Дыккаг зæд сыкъауадындзæй ныууасыд,
æмæ стыр хохы хуызæн цыдæр, пиллон
арт уадзгæйæ, денджызы ныххауди, æмæ
денджызы æртыццаг хай туг фестад. 9 Денджызы удæгасæй цы уыд, уыдонæн амард се
’ртыццаг хай, бабын ис науты æртыццаг хай.

10 Æртыккаг зæд сыкъауадындзæй ныууасыд, æмæ арвæй судзгæ цырагъау рахауди
стыр стъалы, цæугæдætты æртыццаг хайы
æмæ суадæтты ныххауди. 11 Уыцы стъалыйы
ном у Скъæлдзой. Цæугæдæтты æртыццаг
хай скъæлдзойау смаст ис, æмæ уыцы маст
донæй бирæ адæм фæцагъды сты.

12 Цыппæрæм зæд сыкъауадындзæй ныууасыд, æмæ хуры æртыццаг хай, мæйы æртыццаг хай, стæй стъалыты æртыццаг хай
ныттар ис. Сæ рухс афтæ бамынæг, æмæ боны,
стæй æхсæвы æртыццаг хай дæр уыди талынг.

13 Æз федтон иу цæргæсы уæлиæутты тæхгæ
æмæ фехъуыстон, хъæрæй цы дзырдта, уый:
«Сыкъауадындзтæй ма цы æртæ зæды ныууасдзысты, уыдоны уастæй бæллæх, бæллæх,
бæллæх æрцæудзæн зæххон цæрджытыл!»

**9** Фæндзæм зæд сыкъауадындзæй ныууасыд, æмæ æз федтон, арвæй зæхмæ цы

стъалы æрхауди, уый, æмæ уымæ лæвæрд
æрцыд дæлдзæхы дæгъæл. 2Стъалы байгом
кодта дæлдзæхы дуар æмæ, стыр пецæй
рацæуæгау, уырдыгæй ракалди фæздæг;
дæлдзæхы фæздæгæй хур æмæ уæлдæф
ныттар сты. 3Фæздæгæй зæхмæ рацыдысты
мæтыхтæ, æмæ сын лæвæрд æрцыд зæххон
къæдздымты тых. 4Уыдонæн бафæдзæхстæ-
уыд, цæмæй знаггад ма кæной нæдæр зæх-
хон кæрдæгæн, нæдæр зайæгхалæн, нæдæр
бæлæстæн, фæлæ – йæ тæрныхыл Хуыцауы
мыхуыр æвæрд кæмæн нæй, æрмæст уы-
цы адæмæн. 5Мæтыхтæн фæдзæхст уыдис
адæмы марын нæ, фæлæ сæ фондз мæйы
дæргъы удхары бафтауын. Æмæ адæм удхар
кæндзысты, къæдздым йæ фат куы фæсадзы,
уæд адæймаг куыд фæудхар кæны, афтæ.
6Уыцы бонты адæм сæхæдæг агурдзысты
мæлæт, фæлæ йæ не ссардзысты. Мæлæтмæ
бæлдзысты, фæлæ йæ нæ фендзысты.

7Мæтыхтæ уыдысты хæстмæ ифтонг бæх-
ты хуызæн. Сæ сæртыл – сыгъзæрин кады
худты хуызæттæ, сæ цæсгæмттæ – адæй-
маджы цæсгомы хуызæн, 8сæ сæрыхъуын-
тæ – сылгоймаджы сæрыхъуынтау даргъ,
сæ дæндæгтæ – домбайы дæндæгтау. 9Сæ
гуырыл уыди згъæрæфтыды хуызæн, сæ ба-
зырты уынæр та уыди, бирæ бæхтæ хæстмæ
куы фезгъорынц, уæд сæ уæрдæттæ куыд
фæгыбар-гыбур кæнынц, уыйау. 10Мæтых-
ты къæдзилтæ æмæ сæ марг фатæвзæгтæ
уыдысты къæдздымты æнгæс, æмæ сæм
уыд адæмæн фондз мæйы дæргъы знаггад
кæныны тых. 11Сæ паддзах уыди дæлдзæхы
зæд. Дзуттагау йæ ном – Аваддон, бердзе-
нагау та – Аполлион.

12Ахицæн иу бæллæх, æмæ ма йæ фæстæ
ноджыдæр æрбацæуы дыууæ бæллæхы.

13Æхсæзæм зæд сыкъауадындзæй ныууа-
сыд, æмæ мæм, Хуыцауы раз цы сыгъзæрин
нывондхæссæн уыди, уымæн йæ цыппар сы-
къайæ райхъуысти хъæлæс. 14Сыкъауадындз
цы æхсæзæм зæдмæ уыди, уымæн уыцы
хъæлæс загъта: «Евфраты стыр доны цур
баст чи у, уыцы цыппар зæды суæгъд кæн».

15Бæлвырд сахат æмæ бонмæ, мæй æмæ
азмæ цы цыппар зæды æрцæттæ чындæ-
уыд, уыдон уæгъдгонд æрцыдысты адæмы
æртыццаг хай амарынмæ. 16Æз фехъуыстон
бæхджын æфсады нымæц – уый уыди дыу-
уæсæдæ милуаны. 17Мæнæн равдыстæуыд
бæхты сæ барджытимæ, æмæ сæ федтон
ахæм хуызы: барджытыл уыди зынгхуыз,
сапфирау тарцъæх æмæ сондонау бур згъæ-
рæфтыд; бæхты сæртæ уыдысты домбæйтты
сæрты хуызæн, сæ комæй калди арт, фæздæг
æмæ сондон. 18Æмæ сæ комæй цы æртæ ры-
ны калди – арт, фæздæг æмæ сондон – уы-
донæй адæмы æртыццаг хай амард. 19Уымæн
æмæ бæхтæн сæ хъару уыди сæ комы æмæ
сæ къæдзилты. Сæ къæдзилтæ та уыдысты
кæлмыты æнгæс, уыди сын сæртæ, æмæ
уыцы сæртæй знаггад кодтой адæмæн.

20Ацы рынтæй чи нæ амард, уыцы адæм-
мæ та фæсмон не ’рцыд æмæ нæ ныуугъ-
той дæлимонтæм æмæ, сæхæдæг къухæй
кæй скодтой, нæдæр уынгæ, нæдæр хъусгæ,
нæдæр цæугæ чи нæ кæны, сæ уыцы сыгъ-
зæрин, æвзист, æрхуы, дурын æмæ хъæдын
гуымирытæм кувын. 21Не ’рфæсмон кодтой,
лæгмартæ, кæлæнгæнджытæ, хъахбайтæ
æмæ давджытæ кæй уыдысты, ууыл.

**10** Æз федтон æндæр хъомысджын зæды
уæларвæй æрцæйцæугæ. Йæ дарæс уыдис
æврагъ, йæ сæрмæ – арвæрдын, йæ цæс-
гом – хуры хуызæн, йæ къæхтæ – судзгæ
цæджындзтау. 2Йæ къухы уыди гыццыл
чиныг гомæй. Уыцы зæд йæ рахиз къах æрæ-
вæрдта денджызыл, галиу къах та – зæххыл
3æмæ ныхъхъæр кодта, домбай куыд фем-
бухы, афтæ. Куы ныхъхъæр кодта, уæд ын
дзуапп радтой авд æрвнæрды. 4Авд æрвнæр-
ды дзуапп куы радтой, уæд æз хъуамæ бав-
нæлдтаин фыссынмæ. Фæлæ мæм уæларвæй
æрыхъуысти хъæлæс: «Авд æрвнæрды цы
загътой, уый басусæг кæн, ма йæ ныффысс».

5Денджызыл æмæ зæххыл лæугæ кæй
федтон, уыцы зæд йæ рахиз къух уæларв-
мæ сдардта 6æмæ расомы кодта, мыгга-
гæй-мыггагмæ Цардæгас Чи у, Уымæй – арв
æмæ, арвыл цы ис, зæхх æмæ, зæххыл цы
ис, денджыз æмæ, денджызы цы ис, æппæт
уыдæттæ Сфæлдисæгæй: «Æрцæуинаг цы у,
уый нæ бафæстиат уыдзæн».

7Æвдæм зæдæн сыкъауадындзæй уасыны
рæстæг куы ралæууа, уæд сæххæст уыдзæн
Хуыцауы сусæг фæндон – Йæ цагъар пеху-
ымпартæн зæрдæ куыд бавæрдта, афтæ.

8Уæларвæй мæм цы хъæлæс æрыхъуыст,
уый мын ноджыдæр загъта: «Цу æмæ, ден-
джыз æмæ зæххыл цы зæд лæууы, уый къу-
хæй гом чиныг райс».

9Æз бацыдтæн зæдмæ æмæ йын загътон:
«Ратт мын уыцы чиныг». Уый мын загъ-
та: «Айс æй æмæ йæ бахæр. Дæ хуылф дын
смаст кæндзæн, дæ дзыхы та мыдау адджын
уыдзæн».

**9:11** Бынгæнæг.

10Æз зæды къухæй чиныг райстон æмæ
йæ бахордтон. Æмæ мæ дзыхы мыдау уыди
адджын; куы йæ бахордтон, уæд та дзы мæ
хуылф смаст ис. 11Æмæ мын загъдæуыд:
«Ды та бирæ адæмтæ, знæмтæ, æвзæгтæ
æмæ паддзæхты тыххæй хъуамæ ногæй
пехуымпар ныхас зæгъай».

**11** Радтой мæм барæн хъилы хуызæн лæ-
дзæг æмæ мын загътой: «Марадз, сбар Ху-
ыцауы Кувæндон æмæ нывондхæссæн æмæ
банымай, чи дзы кувы, уыдоны нымæц. 2Ку-
вæндоны æддаг кæрт та ныуудз, ма йæ сбар,
уымæн æмæ муртаттæгтæн лæвæрд у: уыдон
сыгъдæг сахар сæ къæхты бын ссæнддзысты
дыууæ æмæ дыууиссæдз мæйы. 3Арвитдзы-
нæн Мæ дыууæ æвдисæны, æмæ уыдон сæ
уæлæ сæхъис скæндзысты, афтæмæй пеху-
ымпариуæг кæндзысты мин дыууæсæдæ
æхсай боны». 4Уыдон сты, æппæт зæххы
Бардарæджы раз чи лæууы, уыцы дыууæ
оливæ бæласы æмæ дыууæ цырагъдарæны.
5Искæй уыдонæн фыдбылыз ракæнын куы
бафæнда, уæд сæ комæй рацæудзæн арт æмæ
сын се знæгты аныхъуырдзæн. Афтæ амæл-
дзæн, уыдонæн фыдбылыз ракæнын кæй
бафæнда, уый. 6Уыдонæн ис лæвæрд арвы
дуæрттæ сæхгæныны бар, цæмæй сæ пеху-
ымпариуæджы рæстæг къæвда ма уа. Куы
сæ бафæнда, уæд сæм ис дæттæ туг фестын
кæныны æмæ зæххыл алы рын бафтауыны
тых. 7Се ’вдисæнад куы фæуой, уæд семæ
стох кæндзæн дæлдзæхæй рацæуæг сырд,
фæтых сыл уыдзæн æмæ сæ амардзæн. 8Сæ
мæрдтæ баззайдзысты, сæ Бардарæджы
сын кæм байтыгъътой, фæсномыгæй Содом
æмæ Мысыр кæй хонынц, уыцы стыр саха-
ры уынджы. 9Сæ мæрдтæм сын æртæ боны
æмæ æрдæг кæсдзысты адæмтæй, мыггæг-
тæй, æвзæгтæй, адæмыхæттытæй бирæтæ
æмæ сын сæ мæрдтæ зæппадзы бавæрын
нæ бауадздзысты. 10Зæххыл цæрджытæн
уый уыдзæн цины бæрæгбон, кæрæдзийæн
æрвитдзысты лæвæрттæ, уымæн æмæ сын
уыцы дыууæ пехуымпары уыдысты удхары
хос. 11Фæлæ сæ æртæ боны æмæ æрдæджы
фæстæ Хуыцау бауагъта цард, æмæ слæу-
уыдысты сæ къæхтыл. Чи сæ федта, уыдон
баисты стыр тасы амæттаг. 12Сæ дыууæ
дæр фехъуыстой, уæларвæй сын хъæрæй
цы загъдæуыд, уый: «Ссæут ардæм». Уыдон
æврагъы фæцыдысты уæларвмæ, æмæ уый
федтой се знæгтæ. 13Æмæ уайтæккæ зæхх
тынг нынкъуысти, сахары дæсæймаг хай
ныппырх. Зæххæнкъуысты фæмард авд мин
адæймаджы. Иннæты бацыд тас, æмæ кад
кодтой Уæларвон Хуыцауæн. 14Дыккаг бæл-
лæх ахицæн. Рæхджы æрбахæццæ уыдзæн
æртыккаг бæллæх.
15Æвдæм зæд ныууасыд сыкъауадындзæй,
æмæ уæларвы азæлыдысты ахæм ныхæстæ:

«Дуне ныр сси нæ Дунедарæджы
æмæ Йæ Чырыстийы Паддзахад,
æмæ Уый паддзахиуæг кæндзæни
æнусæй-æнустæм».

16Хуыцауы раз сæ паддзахы бадæнты ба-
дæг цыппар æмæ ссæдз хистæры ныддæлгом
сты зæххыл æмæ скуывтой Хуыцаумæ:

17 «Ды Дæхимæ æппæт бартæ дæр кæй
райстай
æмæ Паддзах кæй сдæ, уый тыххæй
арфæ кæнæм Дæуæн, Дунедарæг,
Æппæтылхæцæг Хуыцау,
Чи ис æмæ Чи уыди, Уый.
18 Муртаттæгты маст рафыхт,
æмæ ралæууыд Дæ азар,
мæрдтæн тæрхон хæссыны,
Дæ цагъар пехуымпартæн,
сыгъдæджытæн,
Дæуæй тæрсджытæн —
хуымæтæгтæн æмæ номдзыдтæн —
фиддон раттыны,
бæстæ сафджыты фесафыны рæстæг».

19Æмæ уæларвы байгом ис Хуыцауы Ку-
вæндон, æмæ дзы разынди Йæ Фидыды
Чырын. Арв нырттывта, æмæ райхъуыст
æрвнæрды гыбар-гыбур, зæхх нынкъуыст,
æмæ стыр их ныууарыд.

**12** Æмæ арвыл фæзынди стыр æвдисæй-
наг: йæ дарæс хурæй кæмæн уыд, ахæм
сылгоймаг. Йæ къæхты бын — мæй, йæ сæ-
рыл — кады худ дыууадæс стъалыйæ. 2Уый
уыди сывæрджын æмæ хъæр кодта фыр
рыстæй, уымæн æмæ ралæууыдысты йæ
арыны хъизæмæрттæ.
3Арвыл фæзынд æндæр бæлвырд нысан
дæр: æртхуыз стыр залым — авд сæры æмæ
йын дæс сыкъайы, йæ сæртыл — авд кады
худы. 4Уый йæ къæдзилæй расæрфта стъа-
лыты æртыццаг хай арвæй æмæ сæ æркалдта
зæхмæ. Залым лæууыди арæг сылгоймаджы
уæлхъус, цæмæй йын йæ сывæллоны, куыд-
дæр æй ныййара, афтæ аныхъуыра. 5Сыл-
гоймаг ныййардта, æппæт адæмты æфсæн
лæдзæгæй чи хиздзæн, ахæм лæппу. Æмæ
сывæллон ист æрцыд Хуыцаумæ, Хуыцауы
паддзахы бадæн кæм ис, уырдæм. 6Сылгой-
маг та алыгъд æдзæрæг быдырмæ, Хуыцау
ын бынат кæм æрцæттæ кодта, уырдæм,

уым ын мин дыууæсæдæ æхсай боны куыд
лæггад кæной, афтæ.
[7]Æмæ уæларвы уыди хæст — Михаел æмæ
йæ зæдтæ хæцыдысты залымимæ, залым
æмæ йæ зæдтæ дæр хæцыдысты сæ ныхмæ,
[8]фæлæ сыл нæ фæуæлахиз сты, æмæ сын
уæларвы бынат нал уыд.
[9]Æмæ стыр залым, хæйрæг æмæ сайтан
кæй хонынц, æппæт дуне чи фæливы, уыцы
рагон калм, æппæрст æрцыд йæ бынатæй.
Йемæ йын зæхмæ раппæрстæуыд йæ зæд-
ты дæр. [10]Уæд æз фехъуыстон, уæлæрвты
хъæрæй цы загъдæуыд, уый:

«Ныр нæ Хуыцау ирвæзындзинад
æрхаста,
æмæ ралæууыд Йæ тыхы æмæ
паддзахиуæгады,
Йæ Чырыстийы хицаудзинады рæстæг,
уымæн æмæ раппæрстæуыд
не 'фсымæртыл цъыфкалæджы,
æхсæвæй-бонæй сыл нæ Хуыцауы раз
цъыф чи калдта, уый.
[11] Уыдон ыл фæуæлахиз сты Уæрыччы
тугæй,
се 'вдисæнады ныхасæй,
кастысты мæлæты дзыхмæ,
фæлæ сæ цард æвгъау нæ кодтой.
[12] Уæдæ райут, уæлæрвтæ
æмæ уæлæрвты цæрджытæ!
Додой сæ сæр кæны зæхх æмæ
денджызæн!
Æрхызти уæм хæйрæг мæстæлгъæдæй,
бирæ рæстæг ын кæй нал ис, уый
зонгæйæ!»

[13]Зæхмæ йæ кæй раппæрстæуыд, залым
уый куы бамбæрста, уæд зилын райдыдта,
лæппу кæмæн райгуырд, уыцы сылгойма-
джы фæдыл. [14]Уæд сылгоймагæн лæвæрд
æрцыд стыр цæргæсы дыууæ базыры, æдзæ-
рæг быдыры йын цы бынат уыди, уырдæм
калмæй бамбæхсыны тыххæй атæхынæн,
цæмæй йын уым лæггад кæной рæстæджы,
рæстæджыты æмæ рæстæджы æмбисы дæр-
гъы. [15]Сылгоймаджы фæдыл калм йæ комæй
рауагъта цæугæдон, куыд æй аласа, афтæ.
[16]Фæлæ зæхх баххуыс кодта сылгоймагæн —
байтыгъта йæ ком æмæ аныхъуырдта, залиаг
калм йæ дзыхæй цы цæугæдон рауагъта, уый.
[17]Залым смæсты ис сылгоймагмæ æмæ ацы-
ди, Хуыцауы фæдзæхстытæм гæсгæ чи цæры
æмæ Йесойæн æвдисæн чи лæууы, сылгой-
маджы уыцы иннæ цотимæ схæцынмæ.

**13** Æз лæууыдтæн денджызы был зми-
сыл æмæ федтон денджызæй рацæйцæугæ
сырды. Уыдис ын дæс сыкъайы æмæ авд
сæры; йæ сыкъатыл уыди дæс кады худы,
йæ сæртыл та — Хуыцауы фауæн нæмттæ.
[2]Кæй федтон, уыцы сырд уыди фыранчы
хуызæн, йæ дзæмбытæ — арсы дзæмбытау,
йæ дзых — домбайы дзыхау. Залиаг калм ын
радта йæ тых, йæ паддзахы бынат æмæ стыр
бартæ. [3]Йæ сæртæй иу мæлæтдзаг цæфы ху-
ызæнæй зынди, фæлæ уыцы мæлæтдзаг цæф
байгас. Æппæт зæххон адæмтæ дис кодтой
сырдыл, ацыдысты йæ фæдыл æмæ баку-
ывтой залиаг калмæн, сырдæн бартæ кæй
радта, уый тыххæй. [4]Бакуывтой сырдæн дæр
æмæ дзырдтой: «Ацы сырдæн æмбал нæй,
кæй бон бауыдзæн йемæ тохы бацæуын!»
[5]Сырдæн лæвæрд æрцыд æвзаг схъæл ны-
хæстæ кæнынæн æмæ Хуыцауы фауынæн,
лæвæрд ын æрцыди дыууæ æмæ дыууис-
сæдз мæйы дæргъы æлдариуæг кæныны
бар. [6]Сырд байгом кодта йæ дзых Хуыцауы
рафауынмæ, фаудта Йын Йæ ном, Йæ цæрæн
бынат æмæ уæларвон цæрджыты. [7]Лæвæрд
ын уыди сыгъдæджытимæ схæцыны æмæ
уыдоны басæттыны тых. Ноджы ма йын
лæвæрд æрцыд алы мыггаг æмæ адæмыл,
алы æвзаг æмæ адæмыхаттыл æлдариуæг
кæныны бар. [8]Æмæ йæм бакувдзысты, дуне
сфæлдисыны размæ нывондæн нысангонд
Чи æрцыд, уыцы Уæрыкмæ царды чиныджы
сæ нæмттæ фыст кæмæн не сты, уыцы зæх-
хон цæрджытæ иууылдæр.

[9] Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд.
[10] Уацары цæугæ кæмæн у,
уый ацæудзæн уацары.
Кардæй амæлгæ кæмæн у,
уый амæлдзæни кардæй.

Уый афтæ амоны: сыгъдæджытæ хъуамæ
уой фæразон æмæ иузæрдион.
[11]Æз федтон æндæр сырды зæххæй рацæй-
цæугæ. Уыдис ын уæрыччы сыкъаты хуызæн
дыууæ сыкъайы æмæ дзырдта залиаг калмау.
[12]Уый фыццаг сырды номæй архайы, фыццаг
сырдмæ цы бартæ ис, ахæм бартимæ, æмæ
æппæт зæххон цæрджыты кувын кæны, йæ
мæлæтдзаг цæф кæмæн байгас, уыцы сырдмæ.
[13]Æвдисы стыр диссæгтæ, адæмы цæсты раз
арвæй зæхмæ æруадзы арт. [14]Фыццаг сырды
номæй йын цы диссæгтæ æвдисыны бар лæ-
вæрд æрцыд, уыдонæй фæливы зæххон цæр-
джыты, дзуры сын, цæмæй, кардæй цæф чи
уыд æмæ ныр удæгас чи у, уыцы сырды кадæн
саразой йæ сурæт. [15]Æмæ йын лæвæрд уыди
фыццаг сырды сурæты цард бауадзыны тых,

**12:14** Ома æртæ азы æмæ æрдæг.

сырды сурæт дзыхæй куыд сдзура æмæ йæм
чи нæ кувы, уыдонæн се 'ппæты дæр куыд
марын кæна, афтæ. 16 Дыккаг сырд домдзæн,
цæмæй алкæмæн дæр — хуымæтæг адæм
æмæ номдзыдтæн, хъæздгуытæ æмæ мæ-
гуыртæн, сæрибартæ æмæ цагъартæн — йæ
рахиз къухыл кæнæ тæрныхыл æвæрд æрцæ-
уа нысан. 17 Уыцы нысан у сырды ном кæнæ
сырды ном æвдисæг нымæц. Уый кæуыл уа,
уыдоны йеддæмæ нæдæр æлхæныны, нæдæр
уæй кæныны бар искæмæн уыдзæн.
18 Ам уæлзонд хъæуы. Зонд кæмæ ис, уый
раиртасæд сырды нымæц, уымæн æмæ уый
æвдисы адæймаджы ном. Уыцы нымæц у
æхсæзсæдæ æхсай æхсæз.

**14** Æз федтон: мæнæ Сионы хохыл лæу-
уы Уæрыкк; Йемæ сты, Йæ ном æмæ Йæ
Фыды ном йæ тæрныхыл фыст кæмæн у,
уыцы 144 000 адæймаджы. 2 Уæларвæй мæм
æрыхъуысти, стыр æхсæрдзæны уынæрау
æмæ тыхджын æрвнæрды гыбар-гыбурау
чи уыди, ахæм хъæлæс. Æз кæй фехъуыстон,
уыцы хъæлæс уыди, фæндырдзæгъдджытæ
цыма сæ фæндыртæй цагътой, уый хуы-
зæн. 3 Уыдон паддзахы бадæны раз, цыппар
уæларвон удгоймаджы æмæ цыппар æмæ
ссæдз хистæры раз зарынц ног зарæг. Зæх-
хон адæмы 'хсæнæй цы 144 000 адæймаджы
балхæдæуыд, уыдоны йеддæмæ уыцы зарæг
сахуыр кæнын никæй бон уыди. 4 Уыдон сæ-
хи нæ фæчъизи кодтой сылгоймæгтæй, уы-
мæн æмæ сылгоймаджы хъæстæ нæ фесты.
Уæрыкк кæдæм цæуы, уыдон дæр уырдæм
цæуынц Йæ фæдыл. Уыдоны балхæдæуыд
адæмы 'хсæнæй æмæ сæ Хуыцауæн æмæ Уæ-
рыккæн снывонд чындæуыд хоры сæрау. 5 Сæ
дзыхæй мæнг ныхас нæ рацыд, сты æнæфау.
6 Уый фæстæ æз федтон æндæр зæды арвы
бæрзæндты тæхгæ. Уыдис æм мыггагмæйы
Фарны Уац зæххон цæрджытæн, цæмæй йæ
хъусын кæна алы знæм æмæ алы мыггагæн,
алы æвзаг æмæ адæмыхаттæн. 7 Зæд хъæрæй
дзырдта: «Тæрсут Хуыцауæй æмæ Йын кад
скæнут, уымæн æмæ ралæууыд Йæ тæрхоны
рæстæг. Бакувут арв æмæ зæхх, денджыз
æмæ донгуырæнтæ Сфæлдисæгмæ».
8 Фыццаг зæды фæстæ фæзынд æндæр зæд
æмæ дзырдта: «Бабын, бабын стыр Вавилон!
Йæ хъæхбайдзинады тыххæй йæ баййæфта
Хуыцауы фыдæх, æмæ уыцы фыдæхы сæнæй
бадардта æппæт адæмтæн».

9 Дыууæ зæды фæстæ фæзынд æртыккаг
зæд дæр æмæ хъæрæй дзырдта: «Сырдмæ
æмæ сырды сурæтмæ чи кувы æмæ йæ тæр-
ныхыл кæнæ йæ къухыл нысан чи сæвæрдта,
10 уый Хуыцауы азары кæхцæй нуаздзæн,
æндæр истæимæ хæццæ чи нæу, Йæ уыцы
фыдæхы сæнæй æмæ сыгъдæг зæдты æмæ
Уæрыччы раз хъизæмар кæндзæни сондон
арты. 11 Сырдмæ æмæ сырды сурæтмæ чи
кувы æмæ йын йæ номы нысан чи сæвæрд-
та, уыдонæн сæ хъизæмарæй марæг арты
фæздæг цæудзæни мыггагæй-мыггагмæ,
æхсæвæй-бонæй æнцой нæ зондзысты».
12 Уæдæ, Хуыцауы фæдзæхстытæм гæс-
гæ чи цæры æмæ Йесойыл иузæрдион чи у,
уыцы сыгъдæджытæ хъуамæ уой фæразон.
13 Уæларвæй мæм æрыхъуысти хъæлæс æмæ
мын загъта: «Ныффысс: нырæй фæстæмæ
Бардарæгыл æуууæндгæйæ чи мæлы, уыдон
тæхудиаг сты». — «О, уыдон æрæнцайдзысты
сæ фыдæбæттæй, — зæгъы Уд, — уымæн æмæ
сæ хъуыддæгтæ цæуынц сæ фæдыл».
14 Æз скастæн æмæ федтон урс æврагъ æмæ
æврагъыл — Чидæр, адæймаджы хуызæн.
Йæ сæрыл — сыгъзæрин кады худ, Йæ къу-
хы — цыргъ æхсырф. 15 Ноджы ма иу зæд
рацыди Кувæндонæй æмæ æврагъыл Ба-
дæгæн хъæрæй загъта: «Рауадз Де 'хсырф
æмæ хуым æркæрд, уымæн æмæ ралæууыд
хуымгæрдæн — зæххы хуымтæ сцæттæ сты».
16 Уæд æврагъыл Бадæг Йе 'хсырф рауагъта
зæххыл æмæ йæ æркарста.
17 Уæларвон Кувæндонæй рацыд æндæр
зæд; уымæ дæр уыди цыргъ æхсырф. 18 Но-
джы ма иу зæд, артыл кæй бар цæуы, уый ра-
цыди нывондхæссæнæй æмæ, цыргъ æхсырф
кæмæ уыди, уыцы зæдæн хъæрæй загъта:
«Рауадз дæ цыргъ æхсырф æмæ зæххы сæ-
нæфсирæн йæ цупæлттæ æрлыг кæн, уымæн
æмæ йæ гагатæ срæгъæд сты».
19 Зæд йе 'хсырф зæххыл фехста, сæнæф-
сиры цупæлттæ æрлыг кодта æмæ сæ нып-
пæрста Хуыцауы фыдæхы стыр сæндуцæны.
20 Æмæ сæнæфсиры гагатæ лæмæрст æрцы-
дысты, фæссахар цы сæндуцæн уыд, уым;
сæндуцæнæй туг ракалд æмæ хердмæ бæхы
рохты онг фæцыди, йæ дæргъ та анхъæвзта
мин æхсæзсæдæ стадийы онг.

**15** Æз арвыл федтон ноджы ма иу стыр
æмæ æмбисонды æвдисæйнаг — авд зæды
фæстаг авд бæллæхимæ, уымæн æмæ уыдо-
ныл Хуыцауы фыдæх фæуыдзæн.
2 Æмæ æз федтон артимæ хæццæ авджын
денджызау цыдæр. Сырдыл, йæ сурæтыл,

**14:20** *Стадий* — дæргъбарæн иуæг. 1600 стадийы — 300
километры бæрц.

йæ номы нымæцыл чи фæтых, уыцы адæм
Хуыцауы фæндыртимæ лæууынц авджын
денджызыл 3æмæ зарынц Хуыцауы цагъар
Моисейы зарæг æмæ Уæрыччы зарæг:
«Стыр æмæ диссаг сты Дæ
хъуыддæгтæ,
Æппæтылхæцæг Дунедарæг Хуыцау!
Раст æмæ æцæг сты Дæ фæндæгтæ,
адæмты Паддзах!
4 Чи нæ фæтæрсдзæн Дæуæй,
Дунедарæг,
чи не скæндзæн кад Дæ номæн?
Уымæн æмæ сыгъдæг æрмæстдæр Ды
дæ.
Æрцæудзысты æппæт адæмтæ
æмæ Дæм кувдзысты,
уымæн æмæ раргом сты Дæ раст
тæрхæттæ».
5Уый фæстæ æз федтон: уæларвы байгом
ис Кувæндон — Сыгъдæг Цатыр. 6Гæн хъуы-
мацæй сыгъдæг æмæ æрттивгæ дарæсы, сæ
риутыл сыгъзæрин рæттæ, афтæмæй Кувæн-
донæй рацыдысты авд зæды — авд рынимæ.
7Цыппар уæларвон удгоймагæй иу ацы авд
зæдмæ радта авд сыгъзæрин кæхцы, уыдон
та йемыдзаг уыдысты, мыггагæй-мыггагмæ
цардæгас Чи у, уыцы Хуыцауы фыдæхæй.
8Кувæндон байдзаг ис Хуыцауы кад æмæ
тыхы фæздæгæй, æмæ Кувæндонмæ бацæ-
уын никæй бон уыдис, цалынмæ авд зæдæн
сæ авд рыны фæуой, уæдмæ.

**16** Кувæндонæй мæм райхъуыст, авд зæдæн
хъæрæй цы загъдæуыд, уый: «Марадз, Ху-
ыцауы фыдæхы авд кæхцы акалут зæхмæ!»
2Ацыд фыццаг зæд æмæ йæ кæхц ракалдта
зæхмæ, æмæ, сырды нысан кæуыл уыд æмæ
йын йæ сурæтмæ чи куывта, уыцы адæмыл
фæзынд æвирхъау риссаг хæфдзæстытæ.
3Дыккаг зæд йæ кæхц ракалдта денджы-
зыл. Æмæ денджыз сси мард адæймаджы
туджы хуызæн, æмæ дзы удæгасæй ницы-
уал баззад.
4Æртыккаг зæд йæ кæхц ракалдта цæу-
гæдæттыл æмæ суадæттыл, æмæ туг
фестадысты.
5Æмæ æз фехъуыстон, дæттыл кæй бар
цæуы, уыцы зæды хъæлæс:
«Раст дæ Ды, Чи ис æмæ Чи уыди,
уыцы сыгъдæг Хуыцау,
уымæн æмæ Ды ахæм тæрхон
рахастай.
6 Уыдон сыгъдæджытæ æмæ пехуым-
парты туг
кæй ныккалдтой,
уый тыххæй сын Ды туг бануазын
кодтай —
уый аккаг сты».
7Нывондхæссæнæй мæм райхъуыст:
«О Дунедарæг Хуыцау,
Æппæтылхæцæг,
раст æмæ æнæхæрам сты Дæ
тæрхæттæ!»
8Цыппæрæм зæд йæ кæхц бакалдта хурыл,
æмæ хурæн лæвæрд æрцыд адæмы йæ тæв-
дæй судзыны бар. 9Адæм тыхджын æнтæфæй
тыхстысты æмæ æлгъыстой Хуыцауы ном —
ацы рынтыл Кæй бар цыди, Уый ном. Фæсмон
сæм не 'рцыд, æмæ Йын кад не скодтой.
10Фæндзæм зæд йæ кæхц ракалдта сыр-
ды бадæныл, æмæ йæ паддзахад баталынг.
Адæм фырхъизæмарæй се 'взæгтыл сæ дæн-
дæгтæй хæцын райдыдтой, 11сæ хъизæмары
æмæ сæ хæфдзæстыты тыххæй æлгъыстой
Уæларвон Хуыцауы, фæлæ сæ хъуыддæгтыл
не 'рфæсмон кодтой.
12Æхсæзæм зæд йæ кæхц ракалдта Евфраты
стыр цæугæдоныл, æмæ дзы дон нал баззад —
афтæмæй паддзæхтæн скæсæнæй фæндаг
байгом ис. 13Æмæ залиаг калмы дзыхæй, сыр-
ды дзыхæй æмæ мæнгпехуымпары дзыхæй
æз рацæугæ федтон, галхæфсыты хуызæн чи
уыд, ахæм æртæ æнæзæгъинаджы, — 14дис-
сæгтæ чи æвдисы, уыцы дæлимонты. Уыдон
рацыдысты æппæт дунейы паддзæхтæм,
цæмæй сæ тохмæ æрæмбырд кæной Æппæ-
тылхæцæг Хуыцауы стыр бонмæ.
15«Мæнæ фæцæуын хуыснæгау. Тæхуди-
аг у, æдзух цæттæ чи у, бæгънæгæй куыд
нæ цæуа æмæ йын йæ худинаг куыд мачи
фена, йæ дарæс афтæ сыгъдæгæй чи дары,
уыцы адæймаг».
16Æмæ сæ æрæмбырд кодтой, дзуттагау
Армагеддон цы бынат хуыйны, уырдæм.
17Æвдæм зæд йæ кæхц ракалдта уæл-
дæфмæ, æмæ Кувæндонæй, паддзахы ба-
дæнæй, райхъуысти хъæрæй дзурæг хъæлæс:
«Сæххæст!»
18Арв цæхæртæ калдта, ныггыбар-гы-
бур кодта, æмæ зæхх нынкъуысти. Зæххыл
адæймаг куы фæзынд, уæдæй нырмæ ахæм
зæххæнкъуыст никуыма уыди. 19Стыр сахар
æртæ дихы фæци, æмæ муртаттæгты сахартæ
бабын сты. Хуыцауæй нæ ферох стыр Вави-
лон, æмæ йын бадардта Йе стыр фыдæхы сæ-
ны кæхцæй. 20Сакъадæхтæ цыдæр æрбаисты,
хæхтæ дæр фæтары сты. 21Адæмыл арвæй
ныууарыди таланты æмуæз их; æмæ адæм

**16:21** Талант – уæзбарæн иуæг, 40 килограммы бæрц.

ихрыны тыххæй Хуыцауы æлгъыстой, уы-
мæн æмæ сæ уыцы рын хъизæмарæй мардта.

**17** Æмæ авд кæхцы кæмæ уыд, уыцы авд
зæдæй иу æрбацыд æмæ мын загъта: «Рацу,
æмæ дын æз фенын кæнон, бирæ дæттыл чи
бады, уыцы стыр хъахбаймæ цы æфхæрд
æнхъæлмæ кæсы, уый. 2 Зæххон паддзæх-
тæ йемæ хъахбай митæ фæкодтой, зæххон
цæрджытæ расыг кодтой йæ хъахбайдзи-
нады сæнæй».
3 Æз уыдтæн Удæй разæнгард, зæд мæ
акодта æдзæрæг ранмæ, æмæ федтон, сырх
сырдыл чи бадти, уыцы сылгоймаджы. Сыр-
дыл фыст уыдысты Хуыцауы фауæн бирæ
нæмттæ, уыдис ын авд сæры æмæ дæс сыкъа-
йы. 4 Сылгоймагыл уыди тар сырх æмæ сæнт
сырх дарæс, фæлыст уыди сыгъзæринæй,
зынаргъ дуртæ æмæ дзындзытæй; йæ къу-
хы — йæ хъахбайдзинады æлгъаг æмæ чъизи
хъуыддæгтæй йемыдзаг сыгъзæрин кæхц.
5 Йæ тæрныхыл фыст уыди, сусæг нысани-
уæг кæмæн ис, ахæм ном: «Стыр Вавилон,
хъахбайты æмæ зæххон æлгъаг миты мад».
6 Æз федтон: сылгоймаг расыг уыди сыгъ-
дæджыты — Йесойы æвдисæнты — тугæй.
Куы йæ федтон, уæд стыр дисы бафтыдтæн.
7 Зæд мын загъта: «Цæуыл дис кæныс? Æз
дын раргом кæндзынæн ацы сылгоймаджы
æмæ, кæуыл бады, авд сæры æмæ дæс сы-
къайы кæмæн ис, уыцы сырды сусæгдзинад.
8 Ды кæй федтай, уыцы сырд уыди æмæ нал
ис. Уый рацæудзæн дæлдзæхæй æмæ ссар-
дзæн йæ мæлæт. Дунейы райдианæй зæххыл
цæрджытæй царды чиныджы кæй нæмттæ
фыст не сты, уыдон дисы бафтдзысты, чи
уыди, чи нал ис æмæ чи фæзындзæн, уыцы
сырдмæ кæсгæйæ. 9 Ам уæлзонд хъæуы. Авд
сæры сты, сылгоймаг кæуыл бады, уыцы авд
хохы 10 æмæ авд паддзахы. Уыдонæй фондз
амарди, иу дзы ис ныртæккæ, иннæ та нæ-
ма æрцыд æмæ, куы 'рцæуа, уæд бирæ нæ
ахæсдзæн. 11 Раздæр чи уыди æмæ ныр чи
нал ис, уыцы сырд у æстæм паддзах — авд
паддзахæй иу, æмæ йæ мæлæт ссардзæн.
12 Ды цы дæс сыкъайы федтай, уыдон сты дæс
паддзахы. Сæ паддзахæдтæ нæма райстой,
фæлæ сахаты æмгъуыдмæ сырдимæ райс-
дзысты паддзахы бартæ. 13 Уыдон æмзонд
сты, æмæ сæ тых, сæ бартæ ратдзысты сырд-
мæ. 14 Уыдон тох кæндзысты Уæрыккимæ,
æмæ сæ Уæрыкк басæтдзæн, уымæн æмæ
Уый у хицæутты Хицау æмæ паддзæхты
Паддзах, æмæ хуындтытæ, æвзæрстытæ
æмæ Йæ иузæрдионтæ уыдзысты Йемæ».
15 Зæд мын загъта: «Ды федтай, хъахбай
кæуыл бады, уыцы дæттæ — уыдон сты
адæмтæ æмæ дзыллæтæ, адæмыхæттытæ
æмæ æвзæгтæ. 16 Ды цы сырд æмæ цы дæс
сыкъайы федтай, уыдон уыцы хъахбайæ
се сæфт фендзысты æмæ йæ бацарæфтыд
кæндзысты; ныууадздзысты йæ бæгънæгæй,
бахæрдзысты йын йæ фыд æмæ йæ басудз-
дзысты арты. 17 Уымæн æмæ сын Хуыцау
сæ зæрдæты нывæрдта Йæ фæнд сæххæст
кæнын — хъуамæ уой æмзонд æмæ, цалын-
мæ Хуыцауы ныхас сæххæст уа, уæдмæ сæ
паддзахы бартæ раттой сырдмæ. 18 Ды цы
сылгоймаджы федтай, уый та у, зæххон
паддзæхтыл æлдариуæг чи кæны, уыцы
стыр сахар».

**18** Уый фæстæ æз уæларвæй æрцæйцæу-
гæ федтон, стыр бартæ кæмæ уыд, ахæм
æндæр зæды. Зæхх ныррухс ис йæ кадæй.
2 Уый хъæрæй загъта:

«Бабын ис, бабын стыр Вавилон
æмæ сси дæлимонтæн цæрæнуат,
алы æнæзæгъинагæн,
алы чъизи æмæ æлгъаг маргъæн
фысымуат.
Уымæн æмæ йæ хъахбайдзинады
тыххæй
Хуыцауы фыдæх бауйæфта
æмæ æппæт адæмтæн бадардта
уыцы фыдæхы сæнæй.
3 Зæххон паддзæхтæ хъахбай митæ
кодтой йемæ,
зæххон сæудæджертæ схъæздыг сты
йæ бирæ исбонæй».

4 Уæларвæй мæм æрыхъуыст æндæр
хъæлæс:

«Рацæут уырдыгæй, Мæ адæм,
цæмæй йæ тæригъæдтыл ма бафтат
æмæ йемæ æфхæрд ма баййафат.
5 Уымæн æмæ йæ тæригъæдтæ
схæццæ сты уæларвмæ,
Хуыцауæй нæ ферох сты йæ
фыдракæндтæ.
6 Йæхæдæг куыд æфхæрдта,
афтæ йæ бафхæрут.
Цытæ фæкодта, уыдæттæ йын бафи-
дут дывæрæй.
Сæн-иу цы кæхцы ныккодта,
уым ын дыууæ хатты карздæр сæн
æркæнут.
7 Цас хъал уыд æмæ цас парахатæй
царди,
уыйас ын бавзарын кæнут
хъизæмар æмæ маст.

Уымæн æмæ хинымæр зæгъы:
„Æз ус-паддзахау бадын,
æз идæдз нæ дæн
æмæ маст нæ бавзардзынæн!“
8 Уый тыххæй йæ иунæг бонмæ
баййафдзысты рынтæ, мæлæт,
маст æмæ стонг рæстæг,
æмæ арты басудздзæн.
Уымæн æмæ тыхджын у,
тæрхон ын Чи раxаста, уыцы Бардарæг Хуыцау».
9Йемæ хъахбай митæ æмæ хъалцард чи
кодта, уыцы зæххон паддзæхтæ йын йæ арты
фæздæг куы феной, уæд ыл ныккæудзысты
æмæ ныдздзыназдзысты. 10Йæ хъизæмæрт-
тæм кæсгæйæ, стыр тасы бацæудзысты æмæ
дзурдзысты:
«Додойаг фæдæ, додойаг, стыр сахар,
Вавилоны тыхджын сахар!
Уымæн æмæ иунæг сахатмæ
æрцыди дæ азар!»
11Кæуынц æмæ йыл дзыназынц зæххон
сæудæджертæ, уымæн æмæ сын ничиуал
æлхæны сæ уæййæгтæ: 12сыгъзæрин æмæ
æвзист дзауматæ, зынаргъ дуртæ æмæ дзын-
дзытæ; лыстæг гæнæй уафт хъуымæцтæ,
сырх, сæнт сырх æмæ зæлдаг уæфтæгтæ,
алыхуызон хæрздæф хъæдæрмæг; пылыстæг,
зынаргъ хъæдæрмæг, æрхуы, æфсæйнаг æмæ
мраморæй конд алы дзауматæ; 13корицæ,
хъацæнтæ, буд æмæ миррæ, сæн æмæ оли-
вæйы сой, ссад æмæ мæнæу, стуртæ æмæ
фыстæ, бæхтæ æмæ уæрдæттæ, цагъартæ —
адæймаджы буæрттæ æмæ удтæ.
14 «Дæ зæрдæйæн адджын цы уыд,
уымæй æнæхай фæдæ.
Де ’ппæт мулк, цæхæртæкалгæ исбон
фесæфтысты иууылдæр,
нал сæ ссардзынæ».
15Æппæт уыдæттæй сæудæджер чи код-
та æмæ йæ фæрцы чи схъæздыг ис, уыдон
дæрддзæф лæудзысты, — стыр тас сыл ба-
хæцдзæн, йæ хъизæмæрттæм кæсгæйæ. Кæу-
дзысты æмæ дзыназдзысты:
16 «Додойаг фæдæ, додойаг,
гæн хъуымацæй, сырх æмæ сæнт сырх
уæфтæгтæй
дарæс кæуыл ис,
сыгъзæринæй, зынаргъ дуртæй
æмæ дзындзытæй фæлыст чи у,
уыцы стыр сахар!
17 Уымæн æмæ ахæм мулк
фесæфтис иунæг сахатмæ!»
Науты хистæртæ æмæ бæлццæттæ иу-
уылдæр, наудзогтæ, денджызыл цæуæг
æппæт сæудæджертæ лæууынц дæрддзæф,
18уынынц ын йæ арты фæздæг æмæ хъæр
кæнынц: «Ацы стыр сахарæн æмбал нæй!»
19Сæ сæртыл зæрынц рыг, хъæр кæнынц,
кæуынц æмæ дзыназынц:
«Додойаг фæдæ, додойаг,
денджызы наутæ кæмæ ис,
уыдон иууылдæр кæй исбонæй схъæздыг сты,
уыцы стыр сахар!
Уымæн æмæ иунæг сахатмæ бацарæфтыд дæ!»
20 Цин кæнут уый тыххæй, уæлæрвтæ!
Цин кæнут, сыгъдæджытæ,
апостолтæ æмæ пехуымпартæ,
уымæн æмæ уын уый цы тæрхон
рахаста,
ахæм тæрхон ын рахаста Хуыцау.
21Иу тыхджын зæд систа куыройы фыды
йас стыр дур, нывзылдта йæ денджызмæ
æмæ загъта:
«Афтæ дæлæмæ ныххаудзæн
Вавилоны стыр сахар
æмæ нал уыдзæн.
22 Нал фехъусдзынæ
фæндырдзæгъдджыты
æмæ зарæггæнджыты,
уадындзтæ æмæ сыкъауадындзтыл
цæгъдджыты;
нал дæм уыдзæн иу æрмдæсны дæр,
нал дæ хъуысдзæн куыройы фыдты
уынæр;
23 нал дын ссудздзысты дæ
рухсгæнæнтæ,
нал дæ хъуысдзæн усгур лæппу
æмæ чындздзон чызджы хъæлæс.
Дæ сæудæджертæ дунейы гуыппырсартæ уыдысты,
дæ кæлæнтæй æппæт адæмты
асайдтай.
24 Ацы сахары ныккалди
пехуымпарты æмæ сыгъдæджыты,
зæххыл кæйдæриддæр амардæуыд,
æппæт уыдоны туг».

**19** Уый фæстæ æз уæларвы фехъуыстон
хъæлæс. Уый уыди бирæ адæмы уынæрау:
«Алелуйа!
Ирвæзындзинад, кад æмæ намыс
сты нæ Хуыцаумæ!
2 Уымæн æмæ Йæ тæрхæттæ сты
раст æмæ æнæхæрам!

**19:1** *Алелуйа* – дзуттагау «стаут Хуыцауы»; цины хъæр Хуыцауы кадæн.

Уый бафхæрдта,
йæ хъахбайдзинадæй зæхх чи
фехæлдта,
уыцы стыр хъахбайы
æмæ дзы райста Йæ лæггадгæнджы-
ты туг!»
[3]Дыккаг хатт загъдæуыд:
«Алелуйа!
Йæ фæздæг кæлдзæн
мыггагæй-мыггагмæ!»
[4]Уæд цыппар æмæ ссæдз хистæры æмæ
цыппар уæларвон удгоймаджы ныддæлгом
сты Йæ бадæны бадæг Хуыцауы раз, афтæ
дзургæйæ: «Аммен! Алелуйа!»
[5] Уæд паддзахы бадæнæй райхъуысти:
«Æппæлут нæ Хуыцауæй,
Йе 'ппæт цагъартæ,
Йæ тас кæй мидæг ис, уыдон —
номдзыдтæ æмæ хуымæтæгтæ».
[6]Æз фехъуыстон, бирæ адæм цыма хъæ-
рæй дзырдтой, стыр æхсæрдзæны уынæрау
æмæ тыхджын æрвнæрды гыбар-гыбурау чи
уыди, ахæм хъæлæс:
«Алелуйа!
Дунедарæг Хуыцау, Æппæтылхæцæг,
сси Паддзах!
[7] Уæдæ цин кæнæм, фыр цинæй райæм
æмæ Йын кад кæнæм.
Уымæн æмæ æрцыди
Уæрыччы чындзæхсæвы рæстæг,
æмæ Йæ Усаг æрцæттæ кодта йæхи:
[8] Æркодтой йыл гæн хъуымацæй
дарæс —
сыгъдæг æмæ тæмæнкалгæ».
Гæн хъуымацæй дарæс — сыгъдæджыты
раст хъуыддæгтæ.
[9]Зæд мын загъта: «Ныффысс: тæхудиаг
сты, Уæрыччы чындзæхсæвмæ хуынд чи у,
уыдон». Ноджы мын загъта: «Адон æцæгæй
Хуыцауы ныхæстæ сты».
[10]Æз зæдæн йæ къæхты бынмæ æрхауд-
тæн, цæмæй йæм бакувон. Фæлæ мын уый
загъта: «Афтæ ма бакæн; æз дæу, стæй Йе-
сойæн æвдисæн чи у, дæ уыцы æфсымæрты
æмкусæг дæн. Хуыцаумæ бакув, уымæн
æмæ, Йесойы тыххæй чи дзуры, уыдонмæ
ис пехуымпарады мон».
[11]Æз федтон арвы дуар гомæй æмæ Барæ-
джы урс бæхыл. Барæджы хонынц Иузæр-
дион æмæ Æцæг, уымæн æмæ æнæхæрам
сты Йæ тæрхон æмæ Йæ тох. [12]Барæджы
цæстытæ сты пиллон арты æнгæс, Йæ сæ-
рыл — бирæ кады худтæ. Йæ уæлæ фыст ис,
æрмæстдæр Йæхедæг кæй зоны, уыцы ном.
[13]Ис Ыл тугæйдзаг пæлæз; Йæ ном: Хуыцауы
Дзырд. [14]Уæларвон æфсад урс бæхтыл цы-
дысты Йæ фæдыл, гæн хъуымацæй дарæсы —
урс-урсид æмæ сыгъдæг. [15]Йæ дзыхæй зынди
цыргъ цирхъ адæмты цæгъдынæн. Уый сæ
хиздзæнис æфсæн лæдзæгæй; сæндуцæны
Йæ къæхтæй лæмары сæнæфсир — Æппæ-
тылхæцæг Хуыцауы стыр фыдæхы сæн. [16]Йæ
пæлæзыл, Йæ фарсыл фыст ис Йæ ном: «Пад-
дзæхты Паддзах æмæ хицæутты Хицау».
[17]Æз федтон, хурыл чи лæууыд, уыцы зæ-
ды. Уæлиæутты цы мæргътæ тахтысты, уы-
донмæ се 'ппæтмæ дæр зæд ныхъхъæр код-
та: «Ратæхут, æрæмбырд ут Хуыцауы стыр
куывдмæ! [18]Бахæрут паддзæхты мæрдтæ,
æфсæддон разамонджыты мæрдтæ, тых-
джынты мæрдтæ, бæхты æмæ барджыты
мæрдтæ, æппæт сæрибар æмæ цагъар, ху-
ымæтæг æмæ номдзыд адæмы мæрдтæ!»
[19]Æз федтон сырды æмæ зæххон паддзæх-
ты се 'фсæдтимæ. Уыдон æрæмбырд сты
Барæджы æмæ Йе 'фсады ныхмæ хæцын-
мæ. [20]Æмæ æрцахстæуыди сырды, стæй,
сырды нысан йæ уæлæ чи сæвæрдта æмæ
йын йæ сурæтмæ чи куывта, стæй, уыдо-
ны асайыны тыххæй сырды раз диссæгтæ
чи æвдыста, уыцы мæнгпехуымпары. Сæ
дыууæйы дæр удæгасæй ныппæрстæуыди
судзгæ сондоны цады. [21]Иннæтæ та цагъды
фесты, Барæджы дзыхæй цы цирхъ зынди,
уымæй, æмæ мæргътæ иууылдæр бафсæс-
тысты сæ мæрдтæй.

**20** Æз федтон зæды уæларвæй æрцæй-
цæугæ. Йæ къухы уыди дæлдзæхы дæгъæл
æмæ стыр рæхыс. [2]Уый æрцахста, хæйрæг
æмæ сайтан чи у, уыцы рагон залиаг калмы,
сбаста йæ мин азы æмгъуыдмæ [3]æмæ йæ
ныппæрста дæлдзæхмæ, сæхгæдта йыл дуар
æмæ дуарыл сæвæрдта мыхуыр, цалынмæ
мин азы рацæуа, уæдмæ адæмты куыд мауал
фæлива, афтæ. Уый фæстæ хъуамæ уæгъд-
гонд æрцæуа цыбыр æмгъуыдмæ.
[4]Æз федтон паддзахы бадæнтæ; бадтысты
сыл, тæрхон кæныны бар лæвæрд кæмæн æр-
цыд, уыдон. Æз федтон, Йесойæн æвдисæн
лæууыны æмæ Хуыцауы ныхас амоныны
тыххæй кæй сæртæ акъуырдтой, уыдоны
удтæ; уыдон нæ бакуывтой сырдмæ æмæ йæ
сурæтмæ, сæ тæрныхтыл æмæ сæ къухтыл
сырды нысан нæ сæвæрдтой. Уыдон райгас
сты æмæ Чырыстиимæ паддзахиуæг кодтой
мин азы. [5]Иннæ мæрдтæ та нæ райгас сты,
цалынмæ мин азы рацыди, уæдмæ. Уый
у фыццаг райгас. [6]Тæхудиаг сты, мæрдты
фыццаг райгасы цард чи райсдзæн, уыдон:

дыккаг мæлæты бон сыл нæ цæуы, фæлæ
уыдзысты Хуыцауæн æмæ Чырыстийæн
лæггадгæнджытæ æмæ Йемæ паддзахиуæг
кæндзысты мин азы.
7Уыцы мин азы куы фæуой, уæд сайтан
уæгъдгонд æрцæудзæн дæлдзæхон ахæс-
тонæй æмæ рацæудзæн, зæххыл алы ран
чи цæры, уыцы адæмты — Гог æмæ Маго-
гы — асайынмæ æмæ сæ хæстмæ æрæмбырд
кæнынмæ; денджызы змисау уыдзысты би-
рæ. 8Уыдон рацыдысты æппæт зæххыл æмæ
æртыхстысты, сыгъдæджытæ кæм цардысты,
уыцы бынатыл — Йæ уарзон сахарыл. 9Фæлæ
Хуыцау уæларвæй рауагъта арт æмæ сæ ба-
сыгъта. 10Чи сæ сайдта, уыцы хæйрæджы та
ныппæрстæуыд, сырд æмæ мæнгпехуымпар
кæм сты, уыцы судзгæ сондоны цадмæ, æмæ
уым æхсæвæй-бонæй хъизæмар кæндзысты
мыггагæй-мыггагмæ.
11Æз федтон стыр, урс паддзахы бадæн
æмæ уым — Бадæджы. Йæ разæй фæлыгъ-
дысты арв æмæ зæхх, æмæ сын дун-дунейы
бынат нал уыди. 12Чи амарди, уыдоны — ху-
ымæтæгты æмæ номдзыдты — федтон пад-
дзахы бадæны раз лæугæ. Чингуытæ гом уы-
дысты, гом уыд æндæр чиныг дæр — царды
чиныг. Мæрдтæ тæрхонгонд æрцыдысты,
чингуыты дзы кæмæн цы хъуыддæгтæ фыст
уыди, уыдонмæ гæсгæ. 13Уæд денджыз рад-
та, чи дзы уыди, уыцы мæрдты, мæлæт æмæ
мæрдтыбæстæ дæр радтой, чи сæм уыди, уы-
цы мæрдты. Æмæ алкæмæн дæр тæрхонгонд
æрцыд йæ хъуыддæгтæм гæсгæ. 14Мæлæт
æмæ мæрдтыбæстæ æппæрст æрцыдысты
судзгæ цадмæ. Уый у дыккаг мæлæт — судзгæ
цад. 15Æмæ царды чиныджы фыст кæй ном
нæ уыди, уый ныппæрстæуыд судзгæ цадмæ.

**21** Æз федтон ног арв æмæ ног зæхх. Раз-
дæры арв æмæ раздæры зæхх аивгъуыдтой,
нал уыди денджыз дæр. 2Æз федтон сыгъдæг
сахар — ног Йерусалим уæларвæй, Хуыцауæй,
æрцæйцæугæ, чындзау фæлыстæй, йæ мойа-
гæн рæсугъд арæзтæй. 3Паддзахы бадæнæй
æз фехъуыстон тыхджын хъæлæс: «Мæнæ ис
Хуыцауы Уаз Цæрæн, Уый цæрдзæнис адæ-
мимæ! Уыдон уыдзысты Йæ адæм, Хуыцау
Йæхæдæг уыдзæни семæ æмæ уыдзæн сæ
Хуыцау. 4Æмæ сын Хуыцау сæ цæстытæй
ныссæрфдзæни сæ цæссыг; нал уыдзæн нæ-
дæр мæлæт, нæдæр хъыгтæ, нæдæр хъарæг,
нæдæр рыст, уымæн æмæ, раздæр цы уыди,
уый аивгъуыдта».
5Паддзахы бадæны Бадæг загъта: «Мæ-
нæ æппæт дæр фæлдисын ногæй». Æмæ ма
загъта: «Ныффысс, уымæн æмæ ацы ныхæс-
тæ раст æмæ æцæг сты».
6Ноджы мын загъта: «Сæххæст! Æз дæн
Альфæ æмæ Омегæ, райдиан æмæ кæрон.
Дойны кæмæн у, уымæн Æз царддæттæг
суадонæй лæвар бануазын кæндзынæн. 7Уæ-
лахиздзау райсдзæнис æппæт уыдæттæ, Æз
уыдзынæн Йæ Хуыцау, уый та уыдзæни Мæ
хъæбул. 8Нæуæндæгтæн æмæ æцæгадыл
гадзрахатæй рацæуджытæн, æнæуагтæн
æмæ лæгмартæн, хæлд адæмæн æмæ кæлæн-
гæнджытæн, мæнгхуыцæуттæн кувджытæн
æмæ æппæт фæлитойтæн та сæ бынат ис
судзгæ сондоны цады. Уый у дыккаг мæлæт».
9Фæстаг рынтæй йедзаг авд кæхцы цы авд
зæдмæ уыди, уыдонæй иу æрбацыди мæнмæ
æмæ мын загъта: «Рацу, æз дын равдисон
Уæрыччы Усаджы».
10Æз уыдтæн Удæй разæнгард, æмæ мæ
зæд схаста стыр æмæ бæрзонд хохмæ, фе-
нын мын кодта Йерусалимы сыгъдæг са-
хар уæларвæй, Хуыцауæй, æрцæйцæугæ.
11Уый тæмæнтæ калдта Хуыцауы кадæй. Йæ
рухсгæнæн уыди тæккæ зынаргъдæр дурау,
дзæнхъайы æнгæс рухсдзыд яшмæйы хуы-
зæн. 12Сахары къул уыди стыр æмæ бæрзонд,
уыди дзы дыууадæс дуары, дуæрттыл лæу-
уыдысты дыууадæс зæды. Дуæрттыл фыст
уыдысты израилаг адæмы дыууадæс мыг-
гаджы нæмттæ. 13Скæсæнæрдыгæй — æртæ
кулдуары, цæгатæрдыгæй — æртæ кулдуары,
хуссарæрдыгæй — æртæ кулдуары, ныгуы-
лæнæрдыгæй — æртæ кулдуары. 14Сахары
къулæн ис дыууадæс бындуры, уыдоныл
фыст сты Уæрыччы дыууадæс апостолы
нæмттæ.
15Сахарæн йæхи, йæ къул æмæ йæ дуæрттæ
барынæн, мемæ чи дзырдта, уыцы зæдмæ
уыди сыгъзæрин лæдзæг. 16Сахар у цыппæр-
дигъон, йæ дæргъ æмæ йæ уæрх сты æмху-
ызон. Зæд сбарста сахар лæдзæгæй, æмæ
рауад дыууадæс мин стадийы. Йæ дæргъ,
йæ уæрх æмæ йæ бæрзæнд сты æмхуызон.
17Сбарста йын йæ къул дæр, æмæ рауад сæдæ
цыппор цыппар æлмæрины — адæймаджы
нымадæй баргæйæ; зæдмæ дæр ахæм ба-
рæн уыди. 18Сахары къул уыдис яшмæйæ,
сахар йæхæдæг та — ирд авджы хуызæн
сыгъдæг сыгъзæринæй. 19Сахары къулы
бындуртæ фæлыст уыдысты алыхуызон
зынаргъ дуртæй. Фыццаг бындур — яшмæ,
дыккаг — сапфир, æртыккаг — халкидон,

**21:16** *Дыууадæс мин стадийы* – дыууæ мин дыууæсæдæ километры бæрц. **21:17** *Сæдæ цыппор цыппар æлмæрины* – æхсай фондз метрмæ æвваахс.

цыппæрæм — изумруд, 20фæндзæм — сар-
доникс, æхсæзæм — сердолик, æвдæм — хри-
золит, æстæм — берилл, фарæстæм — топаз,
дæсæм — хризопраз, иуæндæсæм — гиацинт,
дыууадæсæм — аметист. 21Дыууадæс кулду-
ары — дыууадæс дзындз фæрдыджы: алы
дуар дæр — иу дзындз фæрдыгæй. Сахары
уынг уыдис ирд авджы хуызæн сыгъдæг
сыгъзæринæй.

22Кувæндон дзы нæ федтон, уымæн æмæ
Æппæтылхæцæг Дунедарæг Хуыцау æмæ
Уæрыкк сты йæ Кувæндон. 23Рухсы тыххæй
сахары нæ хъæуы нæдæр хур, нæдæр мæй.
Уымæн æмæ йæ ныррухс кодта Хуыцауы кад,
Уæрыкк та у йæ рухсгæнæн. 24Адæмтæ цæр-
дзысты сахары рухсмæ, зæххон паддзæхтæ
йæм æрхæсдзысты сæ кад. 25Йæ кулдуæрттæ
бон æхгæд нæ уыдзысты, æхсæв та дзы нæ
уыдзæн. 26Æрхæсдзысты йæм адæмты кад
æмæ намыс. 27Чъизи цы уа, ахæмæй йæм
ницы бацæудзæн, æлгъаг æмæ фæливæн
митæ чи кæны, уыдонæй дæр æм фæндаг
никæмæн уыдзæн, фæлæ йæм бацæудзыс-
ты, Уæрыкмæ царды чиныджы фыст чи у,
æрмæстдæр уыдон.

**22** Зæд мын фенын кодта кристаллау æрт-
тивгæ царддæттæг дон. Уый калди Хуыцау
æмæ Уæрыччы бадæнæй, 2сахары уынджы
хæд астæуты. Йæ фæйнæфарс дæр зади,
афæдз дыууадæс хатты, æрвылмæй, дыргъ
чи дæтты, ахæм царды бæлас. Йæ сыфтæртæ
адæмтæн уыдисты æвдадзыхос.

3Сахары æлгъыстагæй ницыуал уыдзæн.
Уым уыдзæнис Хуыцауы æмæ Уæрыччы
бадæн, æмæ Йын лæггад кæндзысты Йæ
цагъартæ. 4Йæ цæсгом Ын фендзысты,
æмæ Йæ ном фыст уыдзæни сæ тæрных-
тыл. 5Уым æхсæв нæ уыдзæн, нæ дзы хъæу-
дзæн нæдæр рухсгæнæн, нæдæр хуры рухс,
уымæн æмæ сын рухс кæндзæн Бардарæг
Хуыцау; æмæ паддзахиуæг кæндзысты
мыггагæй-мыггагмæ.

6Зæд мын загъта: «Ацы ныхæстæ сты раст
æмæ æцæг. Æмæ пехуымпарты Йæ Удæй
разæнгардгæнæг Бардарæг Хуыцау рарвыс-
та Йæ зæды, рæхджы цы уыдзæн, уый Йæ
цагъартæн равдисынмæ».

7«Рæхджы æрцæуудзынæн. Тæхудиаг у, ацы
чиныджы пехуымпар ныхæстæ чи æххæст
кæны, уый».

8Æз, Иоанн, федтон æмæ фехъуыстон æп-
пæт уыдæттæ. Куы сæ фехъуыстон æмæ сæ
куы федтон, уæд бакувынмæ мæ зонгуытыл
æрхаудтæн, уыдæттæ мын чи æвдыста, уыцы
зæды къæхты раз. 9Фæлæ мын уый загъта:
«Афтæ ма бакæн; æз дæуæн, де 'фсымæр пе-
хуымпартæн, стæй, ацы чиныджы ныхæстæ
кæмæ хъарынц, уыдонæн се 'мкусæг дæн.
Хуыцаумæ бакув».

10Ноджы мын загъта: «Ма басусæг кæн ацы
чиныджы пехуымпар ныхæстæ. Уымæн æмæ
рæстæг æрæввахс. 11Æвзæргæнæг дарддæр
æвзæр митæ кæнæд. Чъизи адæймаг дард-
дæр чъизи кæнæд йæхи; рæстгæнæг дарддæр
раст хъуыддæгтæ кæнæд; сыгъдæг чи у, уый
дарддæр цæрæд сыгъдæгæй».

12«Рæхджы æрцæуудзынæн, æмæ фиддон
Мемæ ис — алкæмæн дæр йæ хъуыддæгтæм
гæсгæ бафиддзынæн. 13Æз дæн Альфæ æмæ
Омегæ, райдиан æмæ кæрон, фыццаг æмæ
фæстаг».

14Мæ фæдзæхстытæ чи æххæст кæны,
уыдон тæхудиаг сты — уыдзæн сын царды
бæласы дыргъæй бахæрыны æмæ сахармæ
кулдуарыл бацæуыны бар. 15Куыйтæ æмæ
кæлæнгæнджытæ, хæлд адæм æмæ лæг-
мартæ, мæнгхуыцæуттæм кувджытæ, стæй,
фæливæн митыл хæст чи у æмæ сæ чи уарзы,
уыдон та баззайдзысты æдде.

16«Æз, Йесо, Мæ зæды арвыстон æппæт
уыдæтты тыххæй сымахæн аргъуанты зæ-
гъынмæ. Æз дæн Давиды Æвзар æмæ Бай-
зæддаг, тæмæнкалгæ Бонвæрнон».

17Уд æмæ Усаг зæгъынц: «Æрцу!» Чи хъусы,
уый дæр зæгъæд: «Æрцу!» Дойны кæмæн у,
уый æрцæуæд, æмæ, кæй фæнды, уый царды
дон айсæд лæвар.

18Ацы чиныджы пехуымпар ныхæстæ чи-
дæриддæр хъусы, уыдонæн æз зæгъын: исты
ма сæм чи бафтауа, ууыл Хуыцау бафтаудзæн,
ацы чиныджы кæй тыххæй фыст ис, уыцы
рынтæ. 19Æмæ ацы чиныджы пехуымпар
ныхæстæй чи аппара, уый Хуыцау æнæхай
фæкæндзæн, ацы чиныджы фыст кæй тых-
хæй ис, уыцы царды бæласæй æмæ сыгъдæг
сахарæй.

20Æппæт уыдæттæн æвдисæн Чи у, Уый
зæгъы: «О, рæхджы æрцæуудзынæн!»
Аммен. Æрцу, Бардарæг Йесо!

21Нæ Бардарæг Йесойы хорзæх уæд алкæй
дæр. Аммен.

# ГЛОССАРИЙ

**Аарон**

Моисейы хистæр æфсымæр, Левийы хæдзарвæндагæй. Хуыцау Моисейы къухæй израилæгтæн Æгъдау куы радта, уæд хистæр сауджынæй снысан кодта Аароны.

Сауджынтæн сæ хæстæ бæрæг кодта Хуыцау Йæхæдæг. Хуыцауы тæрхонмæ гæсгæ, сауджын уæвæн уыдис æрмæст Аароны байзæддæгтæн.

Ног Фæдзæхсты комкоммæ загъдæуы, Аароны хистæрсауджынад, Йесо Чырыстийы ног, «Мелхиседекы цытноммæ гæсгæ», хистæрсауджынадимæ абаргæйæ, æнæххæст кæй у. ***Рац 6:20; 29:29; Дзут 5:6; 7:11***

**Авраам, Аврам**

Хуыцау кæй равзæрста æмæ фидыд кæимæ сарæзта, дзуттаг адæмы уыцы фыццаг патриарх. Раздæр хуындис Аврам, фæлæ йын фæстæдæр Хуыцау радта ног ном – Авраам. Уыди цæугæцардгæнæг.

Хуыцауы дзырдæй ныууагъта йæ райгуырæн бæстæ æмæ æрцарди дард Ханааны – Хуыцау ын ныфс бавæрдта ацы зæхх йæ байзæддæгтæн раттынæй. Авраам æмæ йæ бинойнаг Саррæ бирæ фыдæвзарæнтæ баййæфтой, бирæ рæстæг фенхъæлмæ кастысты сæ фырт Исаакы райгуырдмæ.

Исаакæй уæлдай ма Авраамæн уыдис æндæр фырт дæр – Измаел, райгуырдис ын Саррæйы лæггадгæнæг сылгоймаг Агарæй. Уыди ма йын æндæр цот дæр.

Исаакы фырт Йаков сси Израилы дыууадæс хæдзарвæндаджы фыдæл.

Библийы Авраам у Хуыцауыл иузæрдион, цыфæндыйæ дæр Йе 'ппæт бардзырдтæ æххæст кæнынмæ цæттæ чи уыди, ахæм адæймаг. ***Райд 11:27; 12:9; 15:1-21; 17:5; Ром 4:3; Дзут 11:8-19***

**Адæймаджы Фырт**

Дзуттаг дзырдбаст «бен-адам», арамейагау – «бар-энош», комкоммæ тæлмацгондæй нысан кæны «адæймаджы фырт», ома «адæймаг», «мæлæтæн лæвæрд». Хуыцау раргом вæййы пехуымпар Езекиелмæ æмæ йæ хоны «адæймаджы фырт». Пехуымпар Даниил Адæймаджы Фырт хоны, Хуыцау æппæт дзыллæты йæ дæлбар Кæмæн бакæндзæн, уыцы æрцæуинаг Паддзах Мессиайы. Евангелийы Йесо Чырысти Йæхи арæх фæхоны Адæймаджы Фырт æмæ уымæй, æвæццæгæн, амоны Даниилы развæлгъау дзырдмæ. ***Рац 11:5; Пс 8:5; Езек 2:1; Дан 7:13-14; Мт 8:20; 19:28; Мк 2:10; Хъуыд 7:56***

**Алелуйа**

Дзуапхъæр, рагон дзуттаг дзырд («халелуйа»), нысан кæны «стаут Хуыцауы». Арæх æмбæлдис рагон дзуттæгты куывдтытæ æмæ гимнты. ***Пс 147:9; 148:1,14; 149:1,9; 150:1,6; Æрг 19:1-6***

**Аммен**

Рагон дзуттаг дзырд «аммен» нысан кæны «æцæг» кæнæ «æцæгдзинад», «афтæ уæд», «æнæмæнг». Арæх дзы пайда кæнынц куывды кæронбæттæны. Дзырд «аммен»-æй райдайæн кæнæ фæуæн ис уацамынд кæнæ куывд.

Искæй ныхасæн ацы дзырдæй дзуапп дæтгæйæ, адæймаг æвдисы, йемæ æххæстæй разы кæй у, уый. ***Ным 5:22; Фæл 27:15-26; Йер 11:15; Ром 1:25; Æрг 3:14***

**Анакы байзæддæгтæ**

Израилæгты æрбацæуыны размæ Хевронмæ хæстæг Ханааны цæрæг адæмтæй иу. Уæйгуыты байзæддаг, Анакы фæдонтæ, уыдысты æнахуыр тыхджын æмæ бæрзонд. ***Фæл 9:2; Нун 11:21-22***

**Апостол**

Рагон бердзенаг æвзаджы ацы дзырд нысан кæны «æрвыст» («минæвар», «уацхæссæг»). Евангелийы афтæ хонынц, Йесо Чырысти кæй равзæрста æмæ Фарны Уац амонынмæ кæй арвыста, уыцы адæймаджы. Апостол уæвын тынг бæрнон æмæ кадджын хъуыддаг уыдис: кæд Чырысти уæларвон Паддзах у, уæд апостол та – Йæ æххæстбарджын минæвар зæххыл.

Фыццаджыдæр афтæ хонынц Чырыстийы æвваҳсдæр дыууадæс ахуыргæнинаджы, Йæ зæххон царды Йемæ чи цыди, уыдоны. Фæстæдæр йæхи апостол хонын райдыдта Павел дæр – Чырысти Йæ амæлæт æмæ райгасы фæстæ лæггад кæнынмæ кæмæ фæсидтис, уый. Гæнæн ис, афтæ хуыдтой Фарны Уацы иннæ амонджыты дæр, зæгъæм, Варнавæйы. ***Мт 10:1-20; Хъуыд 14:14; Гал 1:11-19***

**Арамейаг æвзаг**

Хæстæгдæр у рагон дзуттаг æвзагмæ (фæстæдæр – ивритмæ), къаддæр хион у араббаг æвзагæн.

Ч. Р. агъ. VI æнусы уыдис æппæт Хæстæг Скæсæны дипломати æмæ сæудæджерады сæйраг æвзаг. Рагон Фæдзæхсты иуæй-иу чингуыты хæйттæ – Езд 4:8-6:18; 7:12-26; Йер 10:11; Дан 2:4–7:28 – фыст сты арамейаг æвзагыл.

Йесо Чырыстийы зæххон царды заман арамейаг æвзаг Палестинæйы уыдис иудейæгты дзургæ ныхасы сæйраг хуыз.

**Аргъуан**
Бердзенаг дзырд «экклесиа» нысан кæны «æмбырд». Йесо Чырысти кæй уырны, уыцы дзыллæйы дæр Ног Фæдзæхсты хонынц аргъуан. Аргъуантæ ма хуыйнынц, иу ран чи цæры æмæ Хуыцаумæ кувын, Сыгъдæг Фыст ахуыр кæнын æмæ бастдзинад аразыны тыххæй иумæ чи æрæмбырд вæййы, уырнджыты уыцы къордтæ дæр. *Мт 16:18; Хъуыд 8:1; 20:28; Ром 16:4; Кол 1:24*

**Аргъуыд**
Дины сæйрагдæр æгъдæуттæй иу: донмæ ныххызт нысан кодта адæймаджы ссыгъдæг кæнын æмæ йæ Хуыцауы бар бакæнын. Ног Фæдзæхсты ныхас цæуы аргъуыды дыуувæ хуызыл: Аргъауæг Иуане фыццаг аргъуыдта, йæ тæригъæдтыл чи æрфæсмон кодта æмæ Хуыцауы фæндон æххæст кæнынил чи ныллæууыд, уыцы адæймæгтыл. Уый фæстæ Йесо Чырысти Йæхæдæг Иорданы цæугæдоны аргъуыд райста Иуанейæ, æмæ Йыл Сыгъдæг Уд уæларвæй Йæхи æруагъта. Уыцы рæстæг райдыдта Йесойы лæггад Мессиайы хуызы. Йесо Чырыстийы амæлæт æмæ райгасы фæстæ аргъуыды мидис фæарфдæр ис: адæймаг йæ къух сисы йæ раздæры тæригъæдджын цардыл, ома тæригъæдæн амæлы, фæлæ райгас вæййы Чырыстиимæ иумæ ног цард кæнынæн. Ног Фæдзæхсты «Йесойы аргъуыд» нысан кæны Йесойы хъизæмæрттæй фæхайджын уæвын, «Удæй аргъуыд» та – адæймагыл Сыгъдæг Уд Йæхи кæй æруагъта æмæ адæймаг Удæй кæй схайджын ис, уый. *Мк 1:5,7-12; Хъуыд 10:47; Кол 2:12*

**Аси**
Ромаг провинци, ныртæккæйы Чысыл Азийы (Турчы) хай. Йæ сæйраг сахар уыдис Эфес (афтæ у ныркккон транслитерацийы). Азийæн, куыд дунейы хайæн, йæ ном равзæрдис ацы провинцийы номæй, фæлæ дыуувæ номы кæрæдзиимæ хæццæ кæнын нæ хъæуы. *Хъуыд 19:26; Æрг 1:4*

**Ассири**
Рагон тыхджын импери ныры Иракы зæххыл, йæ сæйраг сахар – Ниневи. Ч. Р. агъ. 722 азы ассириæгтæ басастой Цæгатаг Израилаг паддзахад æмæ израилæгтæй бирæты уацары райстой. Уый фæстæ Ассирийы империйы иннæ хæйтты цæрджыты æвæндонæй æрцæрын кодтой Израилы зæххыл. Уыдон-иу, Израилы зæххыл ма цæргæйæ чи баззадис, уыцы израилæгтимæ бинонтæ скодтой. Ассириæгтæ бабырстой Иудеймæ (Хуссайраг паддзахадмæ) дæр, фæлæ сын æй басæттын нæ бантыст. Фæстæдæр Ниневийы сахары баййæфта Хуыцауы азар, æмæ йæ бынтон ныппырх чындæуыд знæгты къухæй. *4 Пад 18:9; 19:36; Наум 1:3*

**Æвдисæйнаг**
Исты ныффидар кæныны, уырнынад тыхджындæр кæныны, фидæн раргом кæныны тыххæй Хуыцау цы архайд кæнæ диссаг саразы, уый. *Райд 9:12; Рац 3:12; Фæт 6:17; Мт 12:39-40*

**Æгъдау**
Рагдзуттаг «Торæ», ома «Æгъдау», у, Хуыцау Йæ адæмæй цавæр цард æмæ кадмæ æнхъæлмæ кæсы, уый тыххæй ахуырад. Хуыцау Моисейæн радта Æгъдау, цæмæй йæ уый Израилы адæммæ фæхæццæ кæна. Ацы ахуырад æмæ йæ ралæвар кæныны истори Рагон Фæдзæхсты æвдыст сты, сæйрагдæр, Æгъдау дæр ма кæй фæхонынц, уыцы Фондзчиныгоны (Библийы фыццаг фондз чиныджы). Æгъдау лæвæрдта израилæгтæн бæстон уынаффæтæ сæ дин æмæ æхсæнадон царды тыххæй, бæрæг сын кодта сæ хидарыны нормæтæ. Ног Фæдзæхсты апостол Павел дзуры, зæгъæ, адæмæн сæ бон нæу Æгъдауы æппæт домæнтæ сæххæст кæнын, стæй Æгъдауæн йæхимæ дæр нæй, адæмы сæ тæригъæдты тыххæй æфхæрдæй чи фервæзын кæна, ахæм хъомыс. Уымæ гæсгæ Ног Фæдзæхсты Æгъдауы ныхмæ æвæрд у фарн. *Райд 26:5; Рац 24:12; Пс 1:2; 18:8; Мт 5:17; Гал 4:21; Ром 2:12-13,25; 3:20*

**Æгъдаузонæг**
Хуыцау Израилæн цы Æгъдау радта, уый хорз чи зоны, ахæм адæймаг. Æгъдаузонæгæн йæ куыст уыдис Æгъдау рафыссын, иртасын, пайда дзы кæнын æмæ йæ адæмæн амонын æмæ æмбарын кæнын. Ахæм адæймæгтæн дзуттæгты дзыллæйы æхсæн уыдис стыр кад æмæ бархъомыс. Фæлæ фæдзæхстытæ æххæст кæныны тыххæй цы уагæвæрдты æмбырдгонд сарæзтой, уый хуымæтæг иудейæгтыл сæвæрдта тынг уæззау уаргъ. Уый тыххæй Йесо Чырысти азымы дардта æгъдаузонджыты (уыдонмæ хаудысты, æвæццæгæн, чиныгзонджытæ дæр). *Мт 22:35; 23:23; Лк 10:25*

**Æлгъыст (æлгъыстаг), анафемæ**
Хуыцауы номыл сафинаг цы у, уый: Хуыцауæн нывонды хуызы-иу хъуамæ бындзагъд æмæ пырхгонд æрцыдаиккой хæстон тæлæтыл нымад адæм, цæрæгойтæ æмæ дзауматæ. Уымæй уæлдай ма Ног Фæдзæхсты апостол Павел æлгъыст хоны, Евангели раст чи не 'мбарын кæны æмæ Йесо Чырыстийы йæ зæрдæмæ чи нæ исы, уыдоныл Хуыцауæй хъоды бакæнын. *Нун 6:17-20; 1 Кор 16:22; Гал 1:8-9*

**Æнæсунæт**
Библийы ацы дзырдæй хонынц муртаттаг адæмы, лæппуйы æмæ нæлгоймаджы кæройнаг буар лыг кæныны æгъдау кæмæ нæ уыдис, уыдоны, зæгъæм, филистимæгты. Ацы дзырд ма æмбæлы ахæм

дзырдбæстыты: «æнæсунæт зæрдæтæ», «æнæсунæт хъустæ» æмæ æнд., – афтæ хонынц, Бардарæджы фæдыл чи нæ цæуы, уыдоны. ***Лев 26:41; Фæт 14:3; Езек 44:7; Хъуыд 7:51; Ром 3:30; Гал 2:7***

**Æргомад**

Хуыцау адæмæн йæ фæнд раргом кæны алы хуызты: уæларвæй æрыхъуысгæ хъæлæсы, зæдты, пехуымпарты, цæстылуайæнты, Сыгъдæг Фысты фæрцы. Хуыцауы фæндон æвдисæг мадзæлттæ ииуылдæр иумæ хуыйнынц æргомад. ***Рац 25:21; Пс 18:8; 118:130; Ис 56:1; Дан 10:1; Мт 2:12; Ром 14:24-26; Æрг 1:1***

**Æрдызт**

Æрдызт нæлгоймаг. Рагзаманты бирæ адæмтæм паддзахы усдон хъахъхъæдтой æрдызт лæгтæ (уæвгæ, дзуттæгтæм ахæм æгъдау нæ уыдис). Уыдон-иу арæх сбарджын сты паддзахы галуаны æмæ-иу бацахстой бæрзонд бынæттæ, уымæ гæсгæ дзырд «æрдызт» сси æмбарынад «паддзахы дæлдæр»-ы синоним. ***4 Пад 25:19; Ест 2:3; Хъуыд 8:27-39***

**Æрхуы денджыз**

Афтæ хуындис, Кувæндоны кæрты донæй йедзагæй цы стыр бæрцуат лæууыдис, уый. Сауджынтæ дзы пайда кодтой сæ къухтæ æмæ сæ къæхтæ æрæхсынæн. ***3 Пад 7:23-26; 2 Азф 4:2-5,10***

**Баал**

Арвнæрынгæнæг хуыцау – Палестинæйы цæрæг хананейæгтæ израилæгты æрцыды размæ рагзаманты кæмæ куывтой, уыцы хуыцæуттæй иу.

Ацы дзырды фыццаг нысаниуæг у «хицау, æлдар». Бæстæйы цы бынæттон цæрджытæ баззадис, уыдоны фæзмгæйæ-иу израилæгтæ дæр Баалæн арæх кад кодтой. Уый нымад уыдис Хуыцауы раз адæмæн се стырдæр фыдракæндтæй иуыл. ***Фæт 2:13; 10:6; 1 Пад 7:3-4; 12:10; Ром 11:4***

**Барвæндæй лæвар, барвæндæй хаст хуын, мысайнæгтæ**

Адæймаг барвæндæй Кувæндонмæ кæй хаста, уыцы хор, оливæйы сой, сæн кæнæ æхца – мысайнæгтæ. ***Рац 35:29; 36:3; Езр 3:5; 8:28; Пс 118:108***

**Бардарæг**

Бирæ тæлмацты ацы дзырд æвдисы, Хуыцау Моисей æмæ израилæгтæн Йæхи цы номæй раргом кодта, уый – «Яхве». Ацы дзуттаг дзырд куыд дзургæ у, уый бæрæг нæу. Хатгай-иу дзырд «бардарæг» уыдис хуымæтæджы сидæн дæр – афтæ-иу сдзырдтой кадджын кæнæ бархъомыс адæймагмæ («хицау»). ***Рац 3:15; 6:2; Фæл 6:4; Мт 8:2***

**Бардарæджы бон, фæстаг бон**

Рагзаманты израилæгтæ нымадтой, зæгъгæ, уый у, Хуыцау Израилы знæгты кæд бафхæрдзæн æмæ Йæ адæмы кæд фервæзын кæндзæн, уыцы бон. Фæлæ фæстæдæр йæ нысаниуæг аивта, æмæ пехуымпарты развæлгъау ныхæсты нымад у, Бардарæг дзыллæты историмæ кæд бавналдзæн æмæ дунейæн тæрхон кæнынмæ кæд æрцæудзæн, уыцы боныл.

Ног Фæдзæхсты загъдæуы, Хуыцау уыцы бон Йесо Чырыстийы къухæй æппæт дунейæн тæрхон кæй кæндзæн.

Ацы бон ма хуыйны Фæстаг бон кæнæ Тæрхоны бон дæр. ***Ис 13:6,9; Езек 13:5; Иоел 1:15; Ам 5:18,20; Авад 1:15; Соф 1:7,14; Ин 6:39; 11:24; Хъуыд 2:20***

**Бæрзæндтæ**

Ханаанаг дины кувæндæттæ; фылдæр хатт сæ арæзтой обæуутты цъуппытыл, фæлæ-иу уыдысты стыр бæлæсты бын æмæ дæлвæзты дæр. Ацы кувæндæтты цæджындзтæ æвæрдтой ус-хуыцау Астартæйы номыл æмæ йын хастой нывæндтæ. Зæхх цæмæй бирæ тыллæг дætта, уый тыххæй-иу уыцы кувæндæтты кодтой хæлд æмæ хъахбай митæ. Уыцы хъуыддаг æлгъаг уыди Бардарæджы раз æмæ пехуымпарты уылты бирæ хæттыты хъусын кодта карз фауæн ныхас. ***Лев 26:30; 3 Пад 3:2-4; 4 Пад 23:1-28; Йер 7:31***

**Буд**

Экзотикон зайæгойы хус писи, æмбырд æй кæнынц бæлæстыл; куы йæ ссудзай, уæд йæ фæздæг кæны æхсызгон хæрздæф. Буд уыдис зынаргъ. Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та Йерусалимы Кувæндоны «буд судзын» уыди нывонд кæныны хицæн хуызыл нымад. Ахæм хæрздæфгæнæнæнтæ ма хонынц фимиам дæр. ***Рац 30:34; Лев 2:1,15; Мт 2:11; Æрг 8:4***

**Вавилон**

Рагон Хæстæг Скæсæны стырдæр сахар, Дыууæдонастæу ныры хуссайраг Иракы зæххыл, рагзаманты тыхджындæр империтæй иуы сæйраг сахар. Вавилоны куывтой бирæ алыхуызон хуыцæуттæм. Ч. Р. агъ. 586 азы вавилойнæгтæ бацахстой Иудæйы Хуссайраг паддзахад (Иудей), ныппырх кодтой Йерусалим æмæ Кувæндон, уацары райстой бирæ иудейæгты æмæ сæ æрцæрын кодтой Вавилоны паддзахады зæххытыл. Ног Фæдзæхсты заманмæ Вавилон пырхгонд æрцыдис, уымæ гæсгæ дзырд «вавилон» нысан кæны хæйрæджы паддзахад; æвæццæгæн, уыимæ бастой Ром дæр – Йерусалим чи басаста, муртаттаг культтæ æмæ бирæ æнæуагдзинæдты артдзæст чи уыдис, уыцы ног стыр империйы сæйраг сахар. ***4 Пад 25:1-22; Æрг 18***

**Веелзевул**
Сайтаны (хæйрæг дæр æй хонынц), Хуыцауы знаг æмæ дæлимонты раздзоджы нæмттæй иу. Ацы ном, æвæццæгæн, баст у Ханааны муртаттаг адæмы сæйраг хуыцау Баалы номимæ. *4 Пад 1:6; Лк 11:15*

**Галаад**
Махиры фырт, Менассиайы фырты фырт. Уымæй уæлдай ма, Галаад, зæгъæ, афтæ хуындис Израилы иу хай Иорданы скæсæнварс, уыдис хæхбæстæ, æмæ дзы цардысты Рувим æмæ Гады хæдзарвæндæгтæ, стæй Менассиайы хæдзарвæндаджы æмбис. *Райд 31:21-25; 31:47-48; Фæл 3:13-15; Нун 17:1*

**Галилей**
Израилы цæгатварс æмбæхсæн сахартæй иуы – Кедешы – алыварс зæхх; уыдис Иссахары, Неффалимы, Зевулоны æмæ Асиры хæдзарвæндæгты бар. Вавилойнаг уацары заман уым цы дзуттæгтæ баззадис, уыдон сæмхæццæ сты æрцæуæг муртаттæгтимæ, фæстæдæр ма сæм бафтыдысты арамейаг, финикиаг æмæ бердзенаг æрлидзджытæ, уымæ гæсгæ ацы бынат арæх нымадтой муртаттагыл. Йесо Чырысти Йæ зæххон царды фылдæр хай арвыста Галилейы, ам бирæ уацамынд кодта æмæ амыдта. *Нун 20:7; 21:32; 4 Пад 15:29; Мт 4:23; Ин 1:46; 7:52*

**Галилейы денджыз**
Иорданы донгуырæн, стыр æдзæхх цад Галилейы. Библийы ацы цадæн ис æндæр нæмттæ дæр – Геннисареты цад, Киннерет, Тивериады денджыз. У кæсагджын, вæййы дзы æцæг уаддымгæтæ, уымæ гæсгæ йæ арæх хуыдтой денджыз дæр. Библийы æмбæлынц ацы цады алыхуызон нæмттæ. *Ным 34:11; Мт 4:18; Лк 5:1; Ин 21:1*

**Геннæ, Хинномы дæлвæз**
Бердзенаг дзырд «геннæ» равзæрдис дзуттаг дзырд «ге-хинном»-æй («Хинномы дæлвæз»). Хуыдтой ма йæ «Хинномы фыртты дæлвæз» дæр. Ацы бынат ис Йерусалимæй дарддæр, хуссарскæсæнæрдыгæй. Рагзаманты уым куывтой Баалмæ кæнæ Молохмæ, арæх сын хастой лæгнывæдтæ.

Иудейаг паддзах Иосиа нæ уагъта ахæм нывæндтæ хæссын, фæлæ та-иу муртаттаг культтæ сног сты. Пехуымпар Йеремиа развæлгъау дзырдта, Йерусалимы цæрджытæ уыцы дæлвæзы знæгты къухæй мард кæй æрцæудзысты æмæ æнæнысгæдæй уым кæй баззайдзысты. Гæнæн ис, æмæ пехуымпар Исайа дæр кодта уыцы дæлвæзы кой, тæригъæдджынтæ рæстудтæн сæ цæстыты раз æфхæрд цы ран æрцæудзысты, ууыл куы дзырдта, уæд. Уыцы бынат йедзаг уыдзæн, тæригъæдджынтæн сæ буар чи æвдæрздзæн, ахæм зынг æмæ уаллæттæй. Уымæ гæсгæ геннæ хонын райдыдтой, æнæахуысгæ арт кæм судзы, ахæм бынат тæригъæдджынты æфхæрынæн. Ацы нысаниуæджы дзырд «геннæ» æмбæлы Ног Фæдзæхсты. Заманты кæрон иуылдæр Тæрхонмæ куы райгас уой, уæд тæригъæдджынтæ æппæрст æрцæудзысты геннæйы. *Нун 15:8; 4 Пад 23:10; 2 Азф 28:3; Ис 66:24; Йер 19:6-9; Мт 5:22; 10:28; Мк 9:43; Лк 12:5; Йак 3:6*

**Гуымиры, быдыргъ**
Дурын кæнæ хъæдын ныварæзт; адæм хуыцауы хуызы кæмæ куывтой, ахæм сурæтгонд кæнæ æндæр предмет. *Рац 20:4; Фæт 17:3; Ис 40:19-20; Хъуыд 7:41*

**Давид**
Хуыцау кæй равзæрста æмæ Саулы фæстæ Израилы паддзах кæй скодта, уый.

Паддзах сси Ч. Р. агъ. 1000 азмæ æввахс æмæ Израилæй рауайын кодта стыр паддзахад, Йерусалим та йын скодта йæ сæйраг сахар.

Уый уыдис разагъды хæстон æмæ уыимæ стыр поэт дæр, Рагон Фæдзæхсты Псаломты – Хуыцауы стауæн зарджыты – автортæй иу.

Давид иузæрдионæй лæггад кодта Хуыцауæн, æмæ йын уый тыххæй Хуыцау зæрдæ бавæрдта, йæ амæлæты фæстæ Израилы паддзахиуæг æрмæст йæ байзæддæгтæ кæй кæндзысты. Паддзахы бынаты Давиды раивта йæ фырт Соломон. Израилы пехуымпартæ развæлгъау дзырдтой, зæгъæ, дунейыл рæстагæй паддзахиуæг Чи хъуамæ кæна, уыцы Мессиа (бердзенагау «Христос») дæр уыдзæнис Давиды байзæддаг. Уымæ гæсгæ Чырыстийы дæр хуыдтой Давиды Фырт (Байзæддаг). *1 Пад 16:13; 17:12-58; 2 Пад 7; Пс 88:4-5; Мт 22:41-45*

**Давиды сахар**
Йерусалимы рагондæр хай, Сионы хохы фахсыл амад фидар, паддзах Давид бынæттон цæрджытæй, йевусæгтæй, кæй байста, уый. Лукайы Евангелийы Давиды сахар хуындæуы Вифлеем дæр – Давид уым кæй райгуырдис, уымæ гæсгæ. *2 Пад 5:6-9; Лк 2:11*

**Давиды фырт**
Комкоммæ паддзах Давиды байзæддаг. Иудейæгтæ афтæ хуыдтой Мессиайы (Чырыстийы), уымæн æмæ сæ уырныдта, Мессиа паддзах Давиды мыггагæй кæй уыдзæн, уый. *Йер 23:5; Мт 1:20; Мт 20:30; Лк 20:41-44*

**Дæлимон, фыдмон**
Хæйрæджы дæлбар чи у, ахæм мон. Адæм-иу тарстысты дæлимонтæй, уымæн æмæ уыдонæн сæ бон у ацы дунейы архайын, зæгъæм, адæймаджы

мидæг бацæуын æмæ йыл бынтон сбарджын уæвын. Фæлæ ацы дунейы сæйраг бартæ Хуыцаумæ кæй сты, уымæ гæсгæ-иу Йесо Хуыцауы тыхæй адæмы дæлимонтæй ссæрибар кодта, стæй уыцы хъомысæй схайджын кодта Йæ ахуыргæнинæгты дæр. ***1 Пад 16:14; Лк 11:19; Хъуыд 19:15-16; 1 Кор 10:20***

**Дæс сахары**

Галилейы денджызæй хуссарæрдæм æмæ скæсæнæрдæм цы дæс сахары уыдис (æрмæст Дамаск уыдис цæгатæрдыгæй), уыдоны цæдис. Цардысты дзы, сæйрагдæр, муртаттæгтæ. Сахартæ хуындысты: Скифополь, Гиппос, Дамаск, Гадарæ, Рафанæ, Канафæ, Пеллæ, Дион, Герасæ, Филадельфиа. Фæстæдæр ацы цæдис фестырдæр ис, бацыдысты йæм бынæттон 14 кæнæ 18 сахары. ***Мк 7:31***

**Дзуар**

Йесо Чырыстийы заман Ромаг империйы тæккæ уæззаудæр фыдракæндтæ саразæг адæймæгты мæлæтмæ раттыны тыххæй цы арæзтагæй пайда кодтой, уый. Конд уыдис зæххы сагъд цæджындз æмæ йыл цæхгæрмæ фидаргонд хъæдæй. Дзуарыл байтындзыны тæрхон-иу кæмæн рахастой, уыдоны-иу дзуарыл бабастой кæнæ зæгæлтæй ныххуыдтой æмæ-иу сæ хъизæрмаргæнгæйæ афтæмæй ныууагътой. Ахæм мæлæт нымад уыдис æппæты æвирхъаудæр æмæ æгаддæрыл. Дзуарыл байтындзыны тæрхон-иу кæмæн рахастæуыд, уый хъуамæ йæ дзуар йæхæдæг хастаид. Уый у «хи дзуар хæссын»-ы комкоммæ нысаниуæг. Йесо Чырысти дзуарыл тыгъд куы æрцыдис, уæд Чырыстийы фæрцы ацы марæнгарз сси ирвæзын æмæ цардмæ здæхыны нысан. ***Мт 10:38; Лк 23:26; 1 Кор 1:17-18***

**Динари**

Ромаг æвзист æхца, æххуырст кусæджы боны мызд. ***Лк 20:24***

**Донгонд дзулты бæрæгбон**

Бæрæг æй кодтой дзуттаг къæлиндары фыццаг мæй авивы (хуындис ма нисан дæр), 15-æм бонæй 21-æм бонмæ, æмæ-иу райдыдта Куадзæны хæдфæстæ. Къуырийы дæргъы израилæгтæ мысыдысты, Хуыцау сæ Мысырæй æваст куыд ракодта, уый. Хæдзары хъуамæ ма уыдаид æнхъизæнджын хойрæгтæ, стæй æнхъизæнджын дзул дæр хæрæн нæ уыди. Бæрæгбоны фыццаг æмæ æвдæм бонты кодтой уазæмбырдтæ æмæ хастой æмбæлгæ нывæндтæ. Ног Фæдзæхсты заман Куадзæн æмæ Донгонд дзулты бон нымад уыдысты иу бæрæгбоныл. ***Рац 12:14-20; 13:3-10; 23:15; 34:18; Лев 23:6-8; Ным 28:17-25; Фæл 16:3-4,8; Мк 14:1,12; Лк 22:1***

**Елеоны хох**

Ныллæггомау хох Йерусалимы скæсæйнаг сисмæ хæстæг; уырдыгæй тынг рæсугъдæй зыны æгас сахар дæр. Хонынц ма йæ Сойджын хох дæр. Йæ рæбын, Гефсиманы дыргъдоны, зади оливæ бæлæстæ. Ам æрцыдысты Библийы историйы бирæ цаутæ: зæгъæм, Езекиел хохы сæрмæ федта Хуыцауы кад сахарæй ацæугæ, Захариа развæлгъау дзырдта, Бардарæджы Боны цаутæ ацы бынатæй кæй райдайдзысты, Чырысти ацы ран кодта заманты кæроны кой æмæ ардыгæй ссыди уæларвмæ. ***Езек 11:23; Зах 14:4; Мт 24:3***

**Ермон**

Израилы бæрзонддæр хох, ис бæстæйы цæгатварс. ***Фæл 3:8-9; 4:48; Нун 11:3; Пс 41:7; 88:13; 132:3***

**Ефод**

Дины фæтк æххæст кæнгæйæ, сауджынтæ кæй дардтой, ахæм æнæдыс уæлæдарæс. Зæгъæм, скодтой-иу æй, Хуыцауы фæндон базонын-иу куы хъуыдис, уæд. «Фæтæгты чиныджы» та ефоды кой ис хæдзарон хуыцаугæндтимæ (терафимтимæ) – гæнæн ис æмæ ныхас цæуы гуымирыйы дарæсыл. ***Рац 28:6; Лев 8:7; 1 Пад 2:18; Фæт 17:5; 1 Азф 15:27***

**Зæд**

Уæлæрдзон гоймаг, лæггад кæны Хуыцауæн æмæ Йын Йæ бардзырдтæ хæццæ кæны адæммæ, æххуыс кæны æмæ хъусын кæны Хуыцауы фæндон.

Равзæрдис рагонд дзуттаг дзырд «малах»-æй (бердзенагау – «ангелос»), нысан кæны «уацхæссæг». Афтæ-иу схуыдтой адæймаджы дæр. Библийы иуæй-иу уæлдай кадджындæр зæдты хонынц сæ нæмттæй – Михаел, Габриел.

Зæдты иу хай растадис Хуыцауы ныхмæ æмæ Йæ коммæ нал кастис, сайтаны фарс рахæцыдысты. Ахæмты хонынц сæфт зæдтæ. ***Райд 16:7-11; 19:1-29; 22:11-12; Пс 148:2; Лк 1:8-20; 2 Пет 2:4; Дзут 1:13-14***

**Зындон, дæлдзæх**

Хæстæг Скæсæны бирæ адæмты уырнынадмæ гæсгæ, мæрдтыбæстæ ис зæххы арфы, æмæ сæ амæлæты фæстæ адæм се 'гас дæр – куыд рæстудтæ, афтæ тæригъæдджынтæ дæр – ныххизынц уырдæм. Дзуттаг Библийы ацы дуне фæхонынц «шеол», бердзенаг Библийы та – «хадес».

Фæлæ ацы зындон æмæ, нырыккон хуыцаузонады «зындон» кæй хонынц, уыдон бынтон иу не сты.

Мæрдты дунейы мард адæймæгты удтæ сты ауæтты хуызæн, æххæст цард схонæн кæмæн нæй, ахæм уавæры; уый у фыны хуызæн æмæ дзы

æппындæр ницы архайд цæуы. Хорзыл нымад уыдис карджынæй амæлын æмæ «фыдæлтæм фæцæуын».

Чырыстийы райгуырды агъоммæ (Ч. Р. агъ.) III æнусмæ хæстæг иудейæгты уырныдта, адæймаджы уд йæ зæххон царды тыххæй йæ амæлæты фæстæ дзуапп кæй дæтдзæн, уый. Тæригъæдджынтæм æнхъæлмæ кæсы карз æфхæрд, рæстудтæм та – хорзæх æмæ арфæ. Ног Фæдзæхсты Йесо уæлахиз кæны мæлæтыл, æмæ уыцы уæлахизæй хайджын у мæрдты дуне дæр, уымæн æмæ Уый у удæгæсты æмæ мæрдты Бардарæг.

Заманты кæрон иууылдæр куы райгас уой, уæд тæригъæдджынтæ æфхæрд æрцæудзысты сæрмагонд бынаты – Ног Фæдзæхсты йæ хатгай фæхонынц «геенnæ». Хъизæмæртты, æфхæрды æмæ сæфты бынат нырыккон хуыцаузонады арæх фæхонынц «зындон». ***Райд 15:15; 42:38; Ным 16:33; Иов 7:9; Пс 15:10; 62:10; Æмб 15:11; Екк 9:10; Ис 14:15; Езек 32:18; Лк 16:22; Хъуыд 2:27,31; Ром 14:9; Æрг 20:13***

### Израил

Ном «Израил» Хуыцау радта Йаковæн, Пенуелы сахары Йемæ куы хæцыдис, уæд. Рагон Фæдзæхсты Йаковы байзæддæгты дыууадæс знæмы хуыйнынц Израилы адæм. Паддзах Соломоны амæлæты фæстæ цæгаты цæрæг дæс знæмы рахицæн сты Иудæ æмæ Бениамины хуссайраг знæмтæй æмæ сарæзтой Цæгатаг паддзахад. Уымæн уыдис йæхи паддзæхтæ, фæстæдæр – йæхи сæйраг сахар дæр. Рагон Фæдзæхсты иуæй-иу контексты дзырд «Израил» хауы æрмæст цæгатаг знæмтæм кæнæ Цæгатаг паддзахадмæ. Ног Фæдзæхсты «Израил» арæхдæр æмбарынц куыд израилаг адæм, стæй Израилы зæхх, Палестинæ. ***Райд 32:24-30; 35:9-12; 49:28; Лк 24:21; Хъуыд 5:31; Ром 9:6; 11:25***

### Израилы дыууадæс хæдзарвæндаджы

Фæстæдæр Израил кæй схуындæуыд, уыцы Йаковы фыртты – Рувим, Симон, Левий, Иудæ, Зевулон, Иссахар, Дан, Гад, Асир, Неффалим, стæй ма ноджы Ефрем æмæ Менассиайы байзæддæгтæ. Ефрем æмæ Менассиа уыдысты Йаковы уарзон фырт Йосефы цот. Алы хæдзарвæндаг дæр дих кодта мыггæгтыл æмæ «хæдзæрттыл». Ч. Р. агъ. 722 азы Ассири Израилы паддзахад куы ныппырх кодта, Ч. Р. агъ. 586 азы Вавилоны паддзахад та Иудейы паддзахад куы бacаста, уæд хæдзарвæндæгты фылдæр хай фесæфти, фæлæ пехуымпартæ дзырдтой, фидæны та Израилы адæм се 'ппæт дæр ногæй кæй сæвзæрдзысты. Йесо Чырысти Йæ ахуыргæнинæгтæн зæрдæ æвæрдта, заманты кæрон Израилы дыууадæс хæдзарвæндагæн тæрхон кæй кæндзысты, уымæй. Ног Йерусалимы кулдуарыл фыст исыдзысты Израилы æппæт хæдзарвæндæгты нæмттæ дæр, сахары кулдуæрттæ та схондзысты сæ нæмттæй. ***Райд 35:23-26; 41:51-52; 48:5; 49:28; Рац 1:1-5; Нун 17:1-18; 1 Азф 2:1-2; Езек 48:31-34; Мт 19:28; Æрг 7:4-8; 21:12***

### Иордан

Геннисареты цад æмæ Мард денджыз цы цæугæдон бæтты, уый. Цæугæдон уыдис Зæрдæвæрд Зæххы (Палестинæйы) скæсæйнаг æрдзон арæн. Израилæгтæ, Ханаанмæ бацæуыны размæ, уый сæрты ахызтысты. Ног Фæдзæхсты Аргъауæг Иуане Иорданы саргъуыдта, чи йæм æрбацыдис, уыцы адæмыл, стæй Йесо Чырыстийæн Йæхиуыл дæр. ***Нун 2:1; Мк 1:5,9***

### Ирвæзынгæнæг

Библийы дзырд «ирвæзт» фылдæр хатт нысан кæны Хуыцауы æххуыс иу адæймагæн кæнæ æппæт адæмæн, знæгтæй, низтæй æмæ фыдбылызтæй сæ фервæзын кæнын. Уымæ гæсгæ Хуыцауы арæх фæхонынц Ирвæзынгæнæг. Фæлæ ма «ирвæзт» нысан кæны тæригъæды бархъомысæй ссæрибар кæнын æмæ æнусон цард балæвар кæнын дæр. Ног Фæдзæхсты Ирвæзынгæнæгыл нымад у Йесо Чырысти, уымæн æмæ Йæ дзуарылтыгъд мæлæт æмæ райгасы фæрцы адæм фервæзтысты тæригъæд æмæ мæлæты бархъомысæй.

Адæймаг ирвæзы Чырыстийыл æууæндыны фæрцы. ***Рац 14:30; Фæт 15:18; 1 Азф 16:35; Пс 16:7; 97:1-3; Ис 49:26; Мк 15:31; Лк 1:77; 2:11; Ин 4:42; Хъуыд 5:31; Ром 1:16***

### Иссоп

Кæрдæджы хуызæн хæрздæфгæнæг зайæгой. Ритуалон ссыгъдæджы æгъдау æххæст кæнгæйæ, иссоп хъуыди доны кæнæ туджы стулын, æмæ дзы уый фæстæ бапырх кæнын адæймагыл (дзаумайыл). ***Рац 12:22; Лев 14:4,6; Пс 50:9; Дзут 9:19***

### Иудæ, иудейæгтæ

1. Иудæ у Йаковы дыууадæс фыртæй иу, Израилы дыууадæс хæдзарвæндагæй иуы рагфыдæл. Иудæйы байзæддæгты хонын райдыдтой иудейæгтæ. Иудæйы хæдзарвæндагæй сты Израилы номдзыддæр паддзах Давид æмæ йæ фырт Соломон дæр. Паддзах Соломоны амæлæты фæстæ цæгатаг хæдзарвæндæгтæ хуссайрæгтæй (Иудæ æмæ Бениамины хæдзарвæндæгтæй) куы рахицæн сты, уæд ацы дыууæ хæдзарвæндаджы сарæзтой, Хуссайраг кæй схуыдтой, уыцы паддзахад – Иудей. Хуссайраг паддзахадæн уыдис йæхи паддзæхтæ, Давиды байзæддæгтæ, йæ сæйраг сахар та уыдис Йерусалим. Ног Фæдзæхсты заманмæ «иудейæгтæ», зæгъгæ, хонын райдыдтой æппæт дзуттæгты дæр. Йесо Чырысти дæр уыдис Иудæйы хæдзарвæндагæй æмæ Уый дæр Давидау райгуырдис иудейаг

сахар Вифлеемы. *Райд 29:35; 3 Пад 11:26; 12:24; Лк 2:4,11; Дзут 7:14*

2. Библийы Иудæ ном ис бирæ æндæр адæймæгтыл дæр, зæгъæм, Иудæ Искариот – комдзог Ыл чи рацыдис, Чырыстийы уыцы ахуыргæнинаг. *Неем 12:8; Лк 6:13-16; 22:3; Ин 14:22*

*Иудейæгтæ*, зæгъгæ, афтæ фыццаг хуыдтой æрмæст Йаковы фырт Иудæйы хæдзарвæндаджы. Фæстæдæр, Ч. Р. агъ. 586 азы, Вавилоны империйæн хуссайраг паддзахад Иудей басæттын, йæ цæрджыты та йын Вавилонмæ уацары акæнын куы бантысти, уæд дзырд «иудейаг» тынг рапарахат ис. Уый сси Иудейы паддзахады цæрджыты иумæйаг ном, æмæ афтæ хонын райдыдтой Израилы æппæт хæдзарвæндæгты минæвæртты дæр. Ног Фæдзæхсты заманмæ афтæ хуыдтой æппæт дзуттæгты. Евангелийы «иудейæгтæ» хонынц дзуттаг адæмы фæтæгты дæр. *Неем 1:2; Мт 28:15; Ин 5:18*

### Ииуылсудзинаг

Нывонд кæныны хицæн хуыз, нывондаг фос (кæнæ маргъ) йæ аргæвдыны фæстæ æнæхъæнæй дæр сыгъд цыди нывондхæссæныл. Нывонды иннæ хуызтæн-иу басыгътой æрмæстдæр сæ иу хай, цыиу дзы баззадис, уый та-иу бахордтой. Арт-иу куы скодтой, уæд-иу кувæггæгтæ зынджы хай бакодтой. Нывондæй арвмæ цы хæрздæф цыдис, уый æхцон уыди Бардарæгæн. *Райд 8:20; 22:2; Лев 1:2-17; Мк 12:33; Дзут 10:6,8*

### Йерусалим

Рагзаманты зындгонд уыдис куыд евусæгты сахар – Евус. Давиды æмæ Соломоны паддзахиуæджы заман сси Израилы сæйраг сахар. Йæхи айтыгъта иудейаг хæхты фæхстыл, Мард денджызы ныгуылæйнаг былгæронæй 25 километры дарддæр. Соломоны амæлæты фæстæ Йевус сси Иудейы (Хуссайраг паддзахады) сæйраг сахар. Ч. Р. агъ. 586 азы йæ вавилойнæгтæ ныппырх кодтой. Фæстæмæ йæ аразын райдыдтой Ч. Р. агъ. 538 азы æмæ йæ арæзт фесты Ч. Р. агъ. 445 азмæ хæстæг. Ч. Р. агъ. 332 азæй фæстæмæ сси бердзенаг сахар, Ч. Р. агъ. 63 азы йæ басастой ромæгтæ. Йесо Чырысти развæлгъау дзырдта, Йерусалим пырхгонд кæй æрцæудзæнис, уый, фæлæ Йæ сахары цæрджытæ Мессиайыл нæ банымадтой æмæ Йын Йæ ныхæстыл нæ бауæндыдысты. Чырыстийы райгуырды фæстæ 70 азы иудейæгтæ æмæ ромæгты хæсты рæстæджы сахар бынтондæр пырхгонд æрцыдис, фæстæдæр æй ногæй сарæзтой. Æргомады чиныджы развæлгъау дзырдæуы фидæны Уæларвон Йерусалимыл – Хуыцау зæхмæ кæй æруадздзæн æмæ Хуыцауы адæм æнустæм Хуыцауимæ кæм цæрдзысты, ахæм сахарыл. *2 Пад 5:9; Ис 2:2-3; Мих 4:1-2; Лк 21:20-24; Æрг 21:2*

### Кад, Хуыцауы кад, Бардарæджы кад

Ацы дзырдтæ нысан кæнынц Хуыцауы стырад æмæ, Хуыцауæй цы рухс цæуы, уый. Библийы Хуыцауы кад æвдыст у, Хуыцаумæ кувæн бынат кæмæй байдзаг вæййы æмæ адæм фæлæууын кæй цуры нæ фæразынц, ахæм рухсы хуызы. Йесо Чырыстийы зæххон царды рæстæг Хуыцауы кад уæлдай тынгдæр разынд йæ Райгуырд æмæ Йæ Хуызаивды, Йæ диссæгты, Йæ дзуарылтыгъд мæлæт æмæ Йæ райгасы цауты. *Рац 16:10; Ис 6:3; Лк 2:9; 9:31-32; Ин 17:5; Хъуыд 7:55; 9:3-5; Æрг 21:23*

### Кесæр (император)

Ромаг империйы сæйраг хицау, йæ дæлбар уыдысты, Ромæй-иу израилæгтæн цы барджынтæ æмæ паддзæхтæ (зæгъæм, Пилат æмæ Ирод) æрбарвыстой, уыдон. Уыцы хицæутты хуыдтой кесæртæ – династийы рагфыдæл Юлий Цезарыноммæ гæсгæ (уæды заман йæ ном афтæ дзургæ уыди). *Мт 22:17,21; Лк 3:1*

### Ком дарын

Библийы ацы дзырд нысан кодта, дины фæткмæ гæсгæ кæнæ адæймагæн йæхи æмæ йæ дзыллæйы цардимæ баст хъуыддаджы тыххæй цасдæр рæстæг (фылдæр хатт иу бон) хæринаг, хатгай та ма нуазинаг дæр, æппындæр дзыхмæ нæ исыны æгъдау. Ком дарыны нысан уыдис кæнæ Хуыцауæн коммæгæсдзинад равдисын, кæнæ фыдбылызыл хъыг кæнын, кæнæ та фыдæвзарæн рæстæг Хуыцаумæ æхххуысмæ сидын æмæ Дзы тæригъæдтæ ныххатыр кæныны хорзæх курын. Пехуымпартæ адæмæн сæ зæрдыл лæууын кодтой, æцæг комдарæнæн йæ нысан адæмы æхсæн рæстдзинад æмæ хæларзæрдæ ахастытæ сног кæнын кæй у, уый. Кæцыдæр бонты ком æнæмæнг хъуамæ дардтаиккой æппæт иудейæгтæ дæр, зæгъæм, æрвылаз, Сыгъдæггæнæн бон, иудейæгтæ Хуыцауæй хатыр куырдтой сæ тæригъæдты тыххæй. Иуæй-иу иудейæгтæ, фыццаджыдæр, фарисейтæ, сæхицæн кодтой уæлæмхасæн комдарæнтæ. Ком дарыны бар уыдис хицæн уырнæг адæмы къордæн дæр, исты хъуыддаджы фæдыл-иу сæ иумæ цы бонты кувын хъуыдис, уæд. *Фæт 20:26; 1 Пад 7:6; Ест 4:16; Ис 58:3-14; Иоел 1:14; Ионæ 3:5; Мт 4:2; 6:16; Лк 18:12; Хъуыд 13:2-3; 14:23*

### Кувæндон

Хуыцаумæ кæнæ хуыцæуттæм кувæн бынат. Нымад уыди, зæгъгæ, кувæндоны цы хуыцаумæ кувынц, уый йæхæдæг дæр цыдæр хуызы уыцы кувæндоны ис. Афтæмæй кувæндон æмбарæн ис куыд хæдзар, бæлвырд хуыцауы хæдзар.

Библийы «кувæндон» хонынц Йерусалимы Кувæндон, паддзах Соломоны заман уый уыдис Дунедарæгмæ кувæн сæйраг бынат. (Ацы дзырдуаты

стыр дамгъæйæ фыст дзырд «Кувæндон» нысан кæны Йерусалимы Кувæндон.) Моисейы заманæй фæстæмæ израилæгтæ цы Фембæлды Цатыры раз куывтой, уый бæсты паддзах Соломон Йерусалимы сарæзта фыццаг Кувæндон. Ч. Р. агъ. 586 азы вавилойнæгтæ ныппырх кодтой Соломоны Кувæндон æмæ дзы зынаргъ дзаумайæ цыдæриддæр уыдис, уыдон ахастой. Израилы адæм Вавилоны уацары куы уыдысты, уæд Хуыцау раргом ис пехуымпар Езекиелмæ æмæ йын фенын кодта ног Кувæндон. Ч. Р. агъ. 520-515 азты, дзуттæгтæй кæмæндæрты сæ бон вавилойнаг уацарæй суæгъд уæвын куы бацис, уæд пехуымпартæ Аггей æмæ Захариайы фæрцы Кувæндон ногæй арæзт æрцыдис. Уый фæстæ Стыр Ирод (паддзахиуæг кодта Ч. Р. агъ. 40 азæй 4 азмæ) Кувæндон ногæй рацарæзта æмæ йæ дзæвгар фæуæрæхдæр кодта. Израилы царды Кувæндон ахста сæйраг бынат: æрмæстдæр ам уыдис нывонд хæссæн, бæстæйы алы рæттæй æмæ фæсарæнтæй иудейæгтæ ардæм цыдысты дины сæйраг бæрæгбæттæ (Куадзæн, Фæндзайон, Халагъудты бæрæгбон) кæнынмæ. Кувæндоны комплексы сæйраг агъуыст хуындис Рухсмонуат, уым æвæрд уыди Фидыды Чырын. Уырдæм бацæуыны бар уыдис æрмæст хистæр сауджынæн, уымæй дæр афæдз иу хатт – сæрмагонд хуыцаулæггад æххæст кæнынмæ. Рухсмонуат егъау æмбæрзæнæй хицæнгонд уыди, æрмæстдæр сауджынтæн бацæуыны бар кæдæм уыд, Кувæндоны уыцы хайæ. Хуымæтæг адæмæн уырдæм бацæуын не 'мбæлд – уыдон Хуыцаумæ куывтой Кувæндоны кæрты. Кæрты алыварс тыргъты-иу æрæмбырд сты бирæ адæм æмæ алы куыстытæ кодтой. Йесо Чырысти развæлгъау куыд дзырдта, афтæ Чырыстийы райгуырды фæстæ 70 азы ромæгтæ бынтон ныппырх кодтой Кувæндон, æмæ уæдæй фæстæмæ арæзт нал æрцыд.

### Кувинаг тæнгъæд

Хуыцауæн æй нывондæн хæсгæйæ, нывондхæссæныл кæй калдтой, ахæм сæн кæнæ – хаттæйхатт – сой. Ахæм нывондимæ бары Ног Фæдзæхсты йæ мæлæт апостол Павел, Фарны Уац хъусын кæнгæйæ. *Райд 35:14; Лев 23:13; Флп 2:17; 2 Тим 4:6*

### Куывд

Хуыцаумæ сидын, арфæ кæнгæйæ (стаугæйæ) æмæ кургæйæ (лæгъстæ кæнгæйæ). Рагон Фæдзæхст æмæ Ног Фæдзæхсты ис куывды дыууæ хуызы: 1) хибар куывд – адæймаг Хуыцаумæ йæхи ныхæстæй куы фæсиды, арфæ Йын куы фæкæны, куы Йæ фестауы кæнæ Дзы æххуыс куы фæкуры; 2) иумæйаг куывд – ацы куывдæн ис бæрæг бынат (Кувæндон кæнæ синагогæ) æмæ бæрæг хуыз. Библийы арæхдæр æмбæлы, чиныгæй кæй кæсынц кæнæ зæрдывæрдæй кæй дзурынц, ахæм нæ, фæлæ хи ныхæстæй куывд. Фæлæ уæддæр ис Псаломты чиныг, æмæ йæ фылдæр хай арæзт у, хибарæй дæр æмæ дзыллæйы æмбырды дæр кæй кастысты æмæ кæй дзырдтой, ахæм куывдтытæй. *2 Пад 7:18-29; Пс 6:10; 140:2; Мт 21:22; Хъуыд 3:1*

### Къуыриты бæрæгбон, фыццаг хорæрзады бæрæгбон, Фæндзайон

Дзуттæгты дины сæйраг бæрæгбæттæй иу, дзуттагау хуыйны «шавуот». Бæрæг æй кодтой дзуттаг къæлиндары æртыккаг мæйы – сиваны – æхсæзæм бон: мæнæуæгæрдæнтæй авд къуырийы фæстæдæр, кæнæ Донгонд дзулты бæрæгбоны фыццаг куырис снывонд кæнынæй фæндзайæм бон. Адæм Хуыцауæн хастой алыхуызон лæвæрттæ, уыимæ хуынтæ сæ хоры сæрæй дæр. Ног Фæдзæхсты заман бæрæгбон хуындис Фæндзайон. Ацы бæрæгбоны Сыгъдæг Уд йæхи æруагъта Йесо Чырыстийы ахуыргæнинæгтыл, æмæ рухсмондзыд баисты. *Рац 23:16; 34:22; Лев 23:15-21; Ным 28:26-31; Фæл 16:9-12; Хъуыд 2:1-4; 1 Кор 16:8*

### Левиттæ

Йаковы æртыккаг фырт Левийы байзæддæгтæ. Моисейы заман Хуыцау Левийы хæдзарвæндагæй Aароны байзæддæгты равзæрста сауджынлæггадæн. Левийы иннæ байзæддæгтæ (левитттæ кæй хонынц, уыдон) хъуамæ Фембæлды Цатыры æххуыс кодтаиккой сауджынтæн. Израилы хæдзарвæндæгтæй æрмæст адонмæ нæ уыдис зæххытæ, уымæн æмæ сæ куыст уыдис Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та Кувæндоны лæггад кæнын. Иннæ хæдзарвæндæгтæй рацæуæг дзуттæгтæн ахæм бар нæ уыдис. Ноджы ма левиттæ ахуыр кодтой Хуыцауы Æгъдау æмæ йæ адæмæн амыдтой. Зæххыты бæсты левитты бар уыдысты Израилы иннæ хæдзарвæндæгты зæххыл цы сахартæ æмæ цы быдыртæ уыди, уыдон. *Рац 28:1; Ным 18:20-21; 35:2-7; Ин 1:19*

### Легъуи бæлас

Къабузджын дыргъбæлас, арæх у Палестинæйы. Йæ дыргътæ (легъуи, инжир) сты тынг хæрзад æмæ пайда, уымæ гæсгæ легъуи бæлас арæх вæййы æнцой æмæ бæркадджын царды нысан. Ноджы ма у Израилы адæмы символон нысан дæр. *Ным 13:24; 3 Пад 4:25; Ис 38:21; Мт 21:19-21*

### Ливан

Хæхты рæгъ цæгатаг Палестинæйы, зындгонд у йæ кедр бæлæстæй æмæ донгуырæнтæй (ныртæккæ паддзахад Ливан). Уыдон сты Сирийы æппæты бæрзонддæр хæхтæ (денджызы уæлвæзæй 3000 м бæрзонддæр), айтыгъдысты Зæххастæу денджызы былгæрæтты (170 км), Тирæй Арвады онг. Паддзах Соломон Йерусалимы йæ галуан æмæ

Кувæндон сарæзта кедр æмæ æндæр ливайнаг бæлæсты хъæдæрмæгæй. ***Нун 1:4; 3 Пад 5:6-10; Зар 4:15; Езек 17:3***

**Маннæ**

Мысырæй рацæуыны фæстæ израилæгтæ Синайы æдзæрæг быдыры дыууиссæдз азы дæргъы куы хаттысты, уæд сын Хуыцау цы хойраг лæвæрдта, уый, «уæларвон дзул». Маннæ уыдис тымбыл æмæ хъæбæр нæмгуыты хуызæн. Уыди сын доны фыцæн æмæ сурфых кæнæн. Ног Фæдзæхсты Йесо Чырысти маннæйы ныхмæ æвæры, дунейæн цард чи ратдзæнис, ахæм æцæг уæларвон дзул. Уыцы дзул у Йесо Чырысти Йæхæдæг. ***Рац 16:15-16; 31–35; Пс 77:24; Ин 6:31-35***

**Маслинæ, оливæ бæлас**

Иудадзыг цъæх бæлас, тынг арæх у Палестинæйы, йæ бон у 10 метры бæрц сырæзын. Зайы йыл маслинæтæ (оливкæтæ). Бæлас цæры бирæ æмæ æрвылаз тыллæг дætты. Рæгъæд маслинæтæй цы сой лæмæрстой, уымæй пайда кодтой хойрагæн, буар сæрдынæн æмæ цырагъы артагæн. ***Пс 127:3; Ром 11:17***

**Мессиа, Чырысти**

Дзуттаг æвзагыл – «машиах», рагон бердзенаг æвзагыл – «христос», комкоммæ нысан кæны «сæрст». Рагон Израилы лæггад кæнынмæ оливæйы сойæ сæрстой сауджынты, пехуымпарты æмæ паддзæхты, ома, Хуыцау Йæхæдæг кæй равзæрста, уыдоны. Хуыцау, пехуымпартæм раргом уæвгæйæ, израилæгтæн зæрдæ бавæрдта, зæхмæ кæй æрæрвитдзæн Мессиайы – Израилы адæмы Чи фервæзын кæндзæн æмæ дунейы адæмтæн æнусмæ хицауиуæг Чи кæндзæн, уыцы Паддзахы. Йесойы заман иудейæгтæ тынг æнхъæлмæ кастысты, зæрдæ сын Кæмæй бавæрдæуыд, уыцы Мессиайы æрцыдмæ: уырныдта сæ, æрцæуæггаг тыхгæнджытæй – ромæгтæй – сæ кæй фервæзын кæндзæн, æмæ Израилы рагон кад фæстæмæ йæ бынаты кæй сбаддзæнис, уый. Фæлæ зæхмæ æрцæуæг Ирвæзынгæнæг Мессиа ноджы фылдæр хæрзты бацыди адæмæн. Уый æппæт адæмы дæр суæгъд кодта тæригъæд æмæ мæлæты уацарæй, æмæ Йæ фæрцы Хуыцау ног фидыд сарæзта адæмимæ. ***Мт 1:16; 26:63; Лк 2:11; Ин 1:41; Эф 4:15***

**Мидиан**

Мидиан – Авраамы фырттæй иу, йæ дыккаг ус Хеттурæйæ гуырд. Мидианы байзæддæгты хуыдтой мидианæгтæ. Уыдысты цæугæцардгæнæг адæмыхатт, сæйрагдæр цардысты æдзæрæг быдыры, ныртæккæйы бакæлæн Акабы скæсæйнаг былгæрон. Ацы бынат хатгай фæхонынц Мадйан. Авраамы иннæ фырт Измаелы байзæддæгтæ дæр цæугæцард кæй кодтой æмæ мадйанæгтæн тугхæстæг кæй æййафынц, уымæ гæсгæ хатгай иу нысаниуæг вæййы дзырдтæ «мадйанæгтæ» æмæ «измаилæгтæ»-н. ***Райд 25:2,4; 36:35; Рац 2:15-16; Фæт 6:1-7***

**Миди, мидиæгтæ**

Миди – тыхджын паддзахад ныры Иракы цæгатныгуылæйнаг хайы. Ч. Р. агъ. 612 азы мидиæгтæ ныппырх кодтой Ассирийы сæйраг сахар Ниневи. Уый фæстæ мидиæгтæ æмæ персайнæгтæ систы Персы империйы хицауиуæггæнджытæ, уымæ гæсгæ паддзахады закъæттæ хуындысты «персайнæгтæ æмæ мидиæгты закъæттæ». Ч. Р. агъ. 330 азы йæ Македойнаг Алыксандр басаста Миди, æмæ уæд Миди баиу ис Сириимæ, фæстæдæр та бахауди Парфийы дæлбар. ***Ест 1:19; Дан 8:20-21; Хъуыд 2:9***

**Моав**

Моав уыди Лоты (Авраамы хæрæфырты) æмæ Лотæн йæ хистæр чызджы фырт. Моавы байзæддæгтæ хуындысты моавæгтæ æмæ цардысты Моавы бæстæйы, Мард денджызæй скæсæнæрдæм цы хъæздыг уæлвæз уыдис, уым. Моавæгты уæлдæр хуыцау уыдис Хамос. Уымæй уæлдай ма куывтой Баал-Пегормæ – моавæгты уырнынадмæ гæсгæ уый цардис хохы цъуппытæй иуыл. Моавæгты æвзаг хæстæг у дзуттаг æвзагмæ. Моавæгтæ уыдысты Израилы знæгтæ, æмæ сæ Израилы пехуымпартæ арæх фаудтой. ***Райд 19:30-37; Ным 25:1-3; Фæл 23:3-5; Соф 2:8-11***

**Моисей**

Хуыцау Левийы хæдзарвæндагæй кæй равзæрста æмæ израилæгты Мысыры зæххæй чи ракодта, уыцы адæймаг. Цагъарадæй фервæзыны фæстæ израилæгтæ æдзæрæг быдыры куы хаттысты, уæд Моисей сси сæ фæтæг æмæ пехуымпар. Хуыцауæй лæвæрд Æгъдау израилæгтæн радта, цæмæй йæ æххæст кæной, уый тыххæй. Уыцы Æгъдау фыст ис Библийы фыццаг фондз чиныджы, хонынц сæ Моисейы чингуытæ, Моисейы Æгъдау, кæнæ та Æгъдау (Торæ). Моисей нæ бахæццæ ис Зæрдæвæрд Зæхмæ, Ханаанмæ, афтæмæй амард, фæлæ йæ дардæй федта. Иудейæгтæн Моисей кæддæриддæр уыд Израилы æппæты кадджындæр пехуымпар. ***Рац 2:1-10; Фæл 18:18; 34:10; Мт 17:3***

**Молох**

Аммонæгты уæлдæр хуыцау, Милх дæр ма йæ хуыдтой. Молохмæ кувгæйæ-иу ын адæм хатгай сæ цоты дæр нывондæн хастой. Кæд Хуыцау ахæм нывæндты ныхмæ уыдис, уæддæр израилæгтæ дæр бирæ хæттыты сæ цоты Молохæн нывондæн хастой

Йерусалиммæ хæстæг Аммоны дæлвæзы. ***Лев 18:21; 20:2-5; 3 Пад 11:7; Йер 32:35***

**Муртат, муртаттæгтæ**

Рагон израилæгтæ æппæт иннæ адæмты дæр хуыдтой муртаттæгтæ, уымæн æмæ æрмæст дзуттæгтæ куывтой Иунæг Хуыцаумæ, æппæт иннæ адæмтæ та æвуудæндыдысты бирæ хуыцæуттыл, нымад уыдысты гуымирытæм кувджытыл, æцæг Хуыцауы æмæ Йæ равзæрст израилаг адæмы знæгтыл. ***Фæл 32:43; 1 Азф 16:24; Пс 78:10; 105:35; Ис 11:12; Мт 5:47; Хъуыд 6:5; Ром 3:29***

**Мысыр**

Бæстæ Палестинæйы хуссар-ныгуылæнварс, рагон дзуттæгтæ дзы фесты цыппарсæдæ азы, стæй сæ мысырæгтæ фыдæфхæрд кæнын куы райдыдтой, уæд сæ Бардарæг ссæрибар кодта (кæс Рацыды чиныг). ***Райд 46:6-7; 50:14; Рац 1:1; Хъуыд 7:34***

**Назир**

Йæхи æгасæй дæр Хуыцауæн лæггад кæнынæн чи снывонд кодта, сæн æмæ æндæр карз нозт дзыхмæ нæ исыны, хил нæ дасын æмæ не 'лвыныны, стæй мардмæ, суанг йæ хион куы уа, уæддæр хæстæг нæ цæуыны дзырд чи радта, ахæм адæймаг. Кæд-иу йæ разы исчи амардис, уæд назир авд боны дæргъы нымад уыдис æнæсыгъдæгыл, стæй-иу хъуамæ Хуыцауæн йæ лæггад райдыдтаид ногæй, уымæн æмæ йæ раздæры лæггады æмгъуыд нымад уыдис æнæсыгъдæггондыл. Йæ ардбахæрды æмгъуыд-иу куы фæцис, уæд-иу йæ хил алвыдта Фембæлды Цатырмæ (Кувæндонмæ) бацæуæны раз. Ахæм уазлæггад кæй кæндзæн, уый тыххæй ард хордта кæнæ назир йæхæдæг, кæнæ йæ мад, сывæллониу куы райгуырдис, уæд. Афтæ уыдис, зæгъæм, Самсоны хабар. Апостолты хъуыддæгты ис иу цау: Павел Йерусалиммæ куы бацыд, уæд ын, гæнæн ис, Йаков загъта, цæмæй, сæ назирдзинады æмгъуыд цы цыппар адæймагæн ахицæн ис, уыдоны бæсты нывæндты аргъ бафида. ***Ным 6:2-21; Фæт 13:5,7; Ам 2:11; Хъуыд 21:23-24***

**Ниневи**

Израилæгты знаг, тыхджын æмæ æгъатыр паддзахад Ассирийы сæйраг сахар. Ардæм Хуыцау æрбарвыста пехуымпар Ионæйы: тæригъæдты аныгъуылæг цæрджытæн уый хъуамæ фехъусын кодтаид, сæ тæригъæдтыл куынæ æрфæсмон кæной, уæд се сæфт кæй æрцæудзæн, уый. Ионæйы уацамынды фæстæ Ниневийы цæрджытæ сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кодтой, æмæ сын Хуыцау батæригъæд кодта. Бирæ азты фæстæ, Ч. Р. агъ. 612 азы, мидиæгтæ байстой ацы сахар æмæ йæ ныппырх кодтой. ***Ионæ 1:2; 3:2-10; Наум 1:8; Мт 12:41***

**Ног Фæдзæхст**

1. Пехуымпартæ дæр дзырдтой, Хуыцауы фидыд (бадзырд) израилаг адæмимæ ногæй арæзт кæй æрцæудзæнис, уыул. Ацы рагагъоммæйы ныхас кæй сæххæст, уый баст у Йесо Чырыстиимæ – Йæ фæрцы Хуыцау адæмимæ ног фидыд сарæзта. Рагон Фæдзæхстæй хъауджыдæр, Ног Фæдзæхст арæзт æрцыдис æппæт адæмимæ дæр, æмæ, Чырыстийыл чи æвууæнды, уымæн йæ бон у ацы фидыдимæ баиу уæвын.

2. Ног Фæдзæхст ма хуыйны, цыппар Евангелийы, Апостолты Хъуыддæгтæ, Æрвыстæджытæ æмæ Æргомад кæдæм бацыдысты, уыцы чингуыты æмбырдгонд. Ацы чингуытæ сты хицæн авторты фыст Чырыстийы райгуырды фæстæ 1 æнусы, æмæ Рагон Фæдзæхстимæ иумæ аразынц Библи.

**Номылус**

Нæлгоймаг-иу интимон ахастытæ саразыны тыххæй йæ хæдзармæ кæй æрбакодта, ахæм сылгоймаг. Номылусæн уыдис бæлвырд бартæ; йæ уавæрмæ гæсгæ уыди цагъайрагæй уæлдæр, фæлæ усæй дæлдæр. ***Райд 22:24; 2 Пад 3:7; 5:13; 3 Пад 11:3***

**Нывæндтæ æмæ хуынтæ**

Моисейы Æгъдаумæ гæсгæ, израилæгтæ Хуыцауæн нывондæн хастой фосы (мæргъты): куы-иу сæ аргæвстой, уæд-иу нывондхæссæныл кусарт басыгътой кæнæ æнæхъæнæй, кæнæ та йæ иу хай; кæд ма-иу дзы исты баззадис, уæд уый та уыди хæрынæн. Моисейы заманæй фæстæмæ Хуыцау домдта, цæмæй нывонд хæссой æрмæстдæр иу ран: фыццаг – Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та – Кувæндоны; кусарт кæныны бар уыдис æрмæст сауджынтæн. Фосæй уæлдай ма нывондæн хастой дзул, сæн, оливæйы сой, ног тыллæджы сæртæ. Нывæндтæ уыдысты алыхуызон, æмæ дзы алкæмæн дæр уыди йæхи мидис: тæригъæд ссыгъдæг кæныны тыххæй, Хуыцауæн арфæйы охыл, сомыйы тыххæй кæнæ хи фæндонмæ гæсгæ – ахæм нывонд символон хуызы æвдыста, Хуыцау æмæ адæймаг æмвынг кæй сты, уый. Сауджынтæ æмæ левиттæ цардысты, адæм Хуыцауæн цы хойраг нывонд кодтой, уымæй. Чырыстийы дзуарылтыгъд мæлæт Ног Фæдзæхсты æвдыст цæуы куыд æппæт адæмы тæригъæдты тыххæй хаст нывонд. ***Рац 1:2; Дзут 10:1-14***

**Нывондхæссæн, Æрхуы нывондхæссæн, Будсудзæн нывондхæссæн**

Бæрзондыл æвæрд нывондхæссæн къæй. Нывондаг фосы (маргъы)-иу æнæхъæнæй кæнæ та йæ иу хай йын-иу сæвæрдтой нывондхæссæн къæйы сæр

конд артыл æмæ-иу æй басыгътой. Фæздæг нысан кодта, Хуыцаумæ чи хæццæ кæны æмæ Йын æхцон чи у, ахæм нывонд хаст кæй æрцыди, уый. Рагон Фæдзæхсты ныхас цæуы нывондхæссæнты дыууæ сæйраг хуызыл. Фыццаг арæзт уыдис æнæхъæн дурæй. Дыккаг уыди хъæдын, згъæрæй конд хицæн хæйттимæ. Ахæм хæсгæ нывондхæссæнтæ уыдис Фембæлды Цатыры. Уыдис ма, буд кæуыл сыгътой, ахæм чысыл сæрмагонд нывондхæссæнтæ дæр. ***Райд 8:20; Лев 1:5; Мт 5:23***

Æрхуы нывондхæссæн арæзтой ситтимы (ома акъацийы) хъæдæрмæгæй, æддейæ та-иу ыл æрхуыйæ цъар сæвæрдтой. Йæ ас – фондз æлмæрины дæргъмæ, фондз æлмæрины – уæрхмæ æмæ фондз – йæ бæрзæнд. Нывондхæссæны тигътæ-иу снывæстой хъæдын сыкъатæй – уыдон дæр уыдысты нывондхæссæны хай. Иу ранæй иннæмæ хæссыны тыххæй нывондхæссæнæн уыди цæгтæ æмæ хъилтæ. Æвæрд уыди Фембæлды Цатыры кæрты æмæ йыл лæггад кодтой сауджынтæ. ***Рац 27:1-8***

Будсудзæн нывондхæссæн арæзт уыдис ситтимы (ома акъацийы) хъæдæрмæгæй, асæй иу æлмæрин (метры æрдæджы бæрц) – дæргъмæ, иу æлмæрин – уæрхмæ æмæ дыууæ æлмæрины – йæ бæрзæнд. Йæ уæллаг хай æмæ йæ фæрстыл уыдис сыгъзæрин цъар, нывондхæссæнæн йæхи алыварс та – сыгъзæрин тæлы кæнæ чъил. Нывондхæссæн хастой цæгтæ æмæ хъилты æхxуысæй. Æвæрд уыдис æдде, Чырыны разæй æмбæрзæны фарсмæ. Нывондхæссæнимæ архайдтой сауджынтæ, Бардарæгæн ыл буд сыгътой. ***Рац 30:1-10***

### Оливæйы сой

Аразынц æй, оливæтæ лæмаргæйæ. Рагон Израилы оливæйы сой уыди цырæгъты артаг, ноджы ма дзы пайда кодтой цæф байгас кæнынæн æмæ буары инфекциты ныхмæ. Бонджын адæм хæрзхъæддæр сойæ зылдысты сæ буармæ. Хатгай-иу æй будимæ сæмхæццæ кодтой æмæ дзы æхцон хæрздæфы тыххæй сæ буар æмæ сæ сæрыхъуынтæ сæрстой.

Хæрзхъæд сой-иу тагътой адæймаджы сæрыл, паддзахæй, сауджынæй кæнæ йæ пехуымпарæй куы æвзæрстой, уæд, æртагътой-иу æй уаз дзауматыл дæр, цæмæй сæ фæткмæ гæсгæ ссыгъдæг кæной, уый тыххæй. Оливæйы сойæ пайда кодтой Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та – Кувæндоны хуыцаулæггады рæстæг цырæгъты артагæн, стæй нывонды хуызы. ***Райд 28:18; Рац 29:7; 35:28; Фæл 24:20; 1 Пад 10:1; Пс 132:2; Мт 25:3-4; 8–9***

### Перси

Тыхджын империйы, раивта Вавилоны империйы æмæ уыдис уымæй ноджы стырдæр. Перси бацахста дзæвгар зæххытæ Бердзенæй Мысыры æмæ Централон Азийы онг, уыимæ Израилы зæхх дæр. Фæхонынц æй Миди-Персайнаг импери дæр, уымæн æмæ Персы дыккаг хицауиуæггæнджытæ уыдысты мидиæгтæ. Персайнаг закъæттæ та хуындысты «мидиæгтæ æмæ персайнæгты закъæттæ». ***Ест 1:19; Дан 6:8***

### Пехуымпар

Адæмæн Йæ фæнд фехъусын кæныны кæнæ адæммæ Йе 'ргомад хæццæ кæныны тыххæй-иу Хуыцау кæй равзæрста, ахæм адæймаг. Сыгъдæг Уд-иу сыл йæхи куы æруагъта, уæд-иу пехуымпартæ дзырдтой фидæны цаутыл, адæмæн-иу бамбарын кодтой сæ азым, раст зонд сын амыдтой, сидтысты сæм, цæмæй сæ тæригъæдтыл æрфæсмон кæной æмæ Хуыцаумæ раздæхой. Елиайы хуызæн-иу рагон пехуымпартæ (рагзаманты сæ хуыдтой фидæнзонджытæ) дæр хатгай бацыдысты экстазы æмæ-иу диссæгтæ сарæзтой. Пехуымпар Самуел та ма уыдис тæрхонгæнæг дæр. Фæстæдæры пехуымпартæм-иу, зæгъæм, Йеремиа æмæ Езекиамæ, сæ фыны Хуыцау арæх æргом рацыд, æмæ-иу уыдон Хуыцауы ныстуантæ адæммæ хæццæ кодтой. Пехуымпартæ развæлгъау дзырдтой, дунемæ Мессиа кæй æрцæудзæнис, уый. Рагон Фæдзæхсты чингуыты ис иуæй-иу пехуымпарты кой, зæгъæм, Самуел, Натан, Илийа, Елиша æмæ инн. Иннæ пехуымпартæ, зæгъæм, Исайа æмæ Амос, сæ развæлгъау ныхæстæ тухгæ чингуыты фыстæй ныуагътой, æмæ Рагон Фæдзæхсты уыцы чингуытæ хонынц сæ нæмттæй. Пехуымпартæ уыдис Ног Фæдзæхсты заман дæр.

### Понтий Пилат

Ромаг æхxæстбарджын хицау, Йесойы амарыны рæстæг хицауиуæг кодта Иудейы провинцийы (Ч. Р. ф. 26-36 азты). Йæ дæлбар уыдысты хицауады иннæ къабæзтæ се 'гас дæр, æнæ уый барлæвæрдæй марыны тæрхон рахæссæн нæ уыдис. Дзуттаг разамонджытимæ йын хорз ахастытæ нæ уыд, фæлæ цæмæй йæ ныхмæ ма растадаиккой, уый тыххæй-иу æй арæх бахъуыдис сæ домæнтимæ сразы уæвын. ***Мт 27:2; Хъуыд 13:28***

### Псаломты чиныг, Псалтир

Рагон Фæдзæхсты хицæн чиныджы – Псаломты чиныджы – дзуттаг дины 150 зарæджы æмбырдгонд. Ацы чиныг бæттынц паддзах Давиды номимæ – таурæгъмæ гæсгæ, псаломтæй бирæтæ йæхæдæг ныффыста. Иннæ псаломтæ та бæттынц Соломоны, Асафы, Хеманы, Етаны, стæй Корахы фыртты нæмттимæ. Псаломтæй иутæ стауынц Хуыцауы æмæ Йын арфæ кæнынц Йæ хорзæхты тыххæй, иннæттæ Йæм æxxуысмæ сидынц, аннæтæ та сты зондамонæнтæ. Хуыцауыл æууæндджытæ, кувгæйæ, рагæй фæстæмæ зарыдысты ацы псаломтæ. Йерусалимы

Кувæндоны сæ зарыдысты хицæн хуызы – зарæггæнджыты къордимæ æмæ музыкæимæ. Псаломтæн се 'ртыккаг хайы бæрц зардæуыди алыхуызон уадынгæрзтимæ – псалтери (ацы дзырдæй равзæрдис Рагон Фæдзæхсты псаломты æмбырдгонды иннæ ном – «Псалтирь»), арфæ æмæ лирæйы зæлтимæ. Псаломтæ ма зарыдысты удæфон – флейтæ (орган) æмæ æрмдзæфон уадынгæрзтæ – тимпан, кимвал, цитрæйы цагъдимæ. Рагон Аргъуаны псаломтæй пайда кодтой кувынæн дæр. ***2 Азф 5:12; Пс 4:1; Лк 20:42; Эф 5:19***

### Рагдзуттаг æвзаг

Ч. Р. агъ. 586 азы райдайæны, Вавилойнаг уацары размæ, дзуттæгтæн сæ фылдæр цы æвзагыл дзырдтой, уый. Ацы æвзагыл фыст ис Рагон Фæдзæхсты фылдæр хай, фæлæ уацарæй раздæхыны фæстæ дзуттæгтæй бирæтæ рахызтысты арамейаг æвзагмæ. Ног Фæдзæхст ныффыссыны рæстæгмæ Палестинæйы адæм дзырдтой, сæйрагдæр, арамейагау, æндæр адæмтимæ æмбæлгæйæ та арæх пайда кодтой рагон бердзенаг æвзагæй. ***Лк 23:38***

### Рагон бердзенаг æвзаг

Македойнаг Алыксандр Скæсæны Зæххастæу денджызы былгæрæтты цы бирæ бæстæтæ басаста, уыдоны бердзенаг æвзаг сси хицæн адæмты æмахастыты æвзаг. Рагон Фæдзæхсты чингуытæ рагдзуттаг æмæ арамейаг æвзæгтæй тæлмацгонд æрцыдысты ацы æвзагмæ. Ног Фæдзæхст та ныффыстой бердзенаг æвзагыл, цæмæй йæ фылдæр адæм бакастаиккой, уый тыххæй. ***Лк 23:38***

### Рагон Фæдзæхст

Израилы адæм Мысырæй куы рацыдысты, уæд Хуыцау семæ Синайы хохыл цы фидыд (бадзырд) сарæзта, уый. Йæ сæйрагдæр хай у Æгъдау.

«Рагон Фæдзæхст» ма хуыйны уыцы фидыдыл æмæ йæ израилæгтæ куыд æххæст кæнынц, ууыл дзурæг чингуыты æмбырдгонд дæр. Ацы æмбырдгонд бирæ æнусты дæргъы фыстой хицæн адæймæгтæ; Ног Фæдзæхст æмæ Рагон Фæдзæхст иумæ сты чырыстон Библи. ***2 Кор 3:14***

### Рæсæнуат

Израилы дыууадæс хæдзарвæндаджы æдзæрæг быдыры куы хаттысты, уæд сæ цатыртæй арæзт стыр лæууæндон. ***Рац 14:2; Лев 10:4; Ным 1:53***

### Рæстуддзинад, рæстуд

Рæстуддзинад у Хуыцауы миниуджытæй иу. Хуыцауы рæстуддзинад нысан кæны уый, æмæ Йе 'ппæт ракæндтæн дæр сæ бындуры ис рæстдзинад, рæстад æмæ хорзæх, стæй Йæ фидыд æмæ Йæ ныхасыл иузæрдиондзинад. Рагон Фæдзæхсты рæстудыл нымад у, Хуыцауимæ Фидыдыл иузæрдион чи у, Йæ ныстуантæ Йын дырысæй чи æххæст кæны æмæ Йын коммæгæс чи у, уый. Ахæм адæймаг «Хуыцауы бын цæры» æмæ алкæимæ дæр йæхи дары, Хуыцауы ныстуан æххæст кæнгæйæ. Ног Фæдзæхсты адæймаджы рæстуддзинад баст у, фыццаджыдæр, Хуыцауыл æууæндынимæ. Уымæ гæсгæ адæймаг хъуамæ йæхæдæг тырна рæстуд уæвынмæ, Хуыцауы фæндон æххæст кæнынмæ, уымæн æмæ æцæг рæстуд уæвæн ис, Хуыцау адæймагæн йæ тæригъæдтæ куы ныббара æмæ йæ куы сраст кæна, уæд. ***Райд 6:9; 15:6; Пс 32:1; 36:30; Мт 5:20; Ром 5:17-21; Эф 4:24***

### Рефаимтæ

Израилы адæм Ханааны зæхх куынæма бацахстой, уæд дзы цы адæмтæ цардис, уыдонæй иу. Рефаимтæ дæр, Анакы байзæддæгтау, уыдысты тынг бæрзонд, уæйгуыты хуызæн, æмæ тох кодтой Хуыцауы адæмы ныхмæ. Рагон Фæдзæхсты дзуттаг тексты ма ацы дзырд – «рефаим» – нысан кæны мæрдтыбæсты уæвæг удты. ***Фæл 2:11,20; Иов 26:5; Пс 87:11***

### Ром

Ног Фæдзæхст цы заманы кой кæны, уæдмæ Ром йæ дæлбар бакодта Зæххастæу денджызы алыварс бирæ бæстæтæ, уыимæ Палестинæ дæр, æмæ сси, йæ сæргъы император кæмæн лæууыд, ахæм стыр империйы сæйраг сахар. Куыд иннæ дæлбар бæстæты, афтæ Палестинæйы дæр ромæгтæ дардтой се 'фсæдтæ æмæ тынг карз ныхкъуырд лæвæрдтой цавæрфæнды ныхмæлæудæн дæр. Империйы хæйттæ алы рæтты кæй уыдысты, фæлæ иу бæстæмæ кæй хаудтой, уый стыр ахъаз уыди сæ экономикæйы рæзтæн æмæ культурон æмахастытæн. Ромы æмбæстæгтæн (апостол Павелæн дæр) империйы æппæт рæтты дæр уыди сæрмагонд бартæ, зæгъæм, сæ бон уыдис уый домын, цæмæй сын тæрхон кæна император йæхæдæг. ***Хъуыд 28:14-16; Ром 1:7***

### Рухсмонуат

Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та Кувæндоны æппæты уаздæр бынат, Фидыды Чырын кæм æвæрд уыдис, уыцы агъуыст. Нывонддонæй Рухсмонуат хицæнгонд уыдис егъау æмбæрзæнæй. Соломоны арæзт Кувæндоны уыдис херувимты сурæттæ дæр. Æгъдаумæ гæсгæ æрмæст хистæр сауджынæн уыдис Рухсмонуатмæ бацæуыны бар, уый дæр афæдз иу хатт, Сыгъдæггæнæн бон, адæмы сæ тæригъæдтæй сыгъдæг кæныны фæтк æххæст кæнгæйæ. ***Рац 26:33; 3 Пад 6:23; Дзут 9:3-5,7***

**Саддукейтæ**

Ног Фæдзæхсты ныхас кæуыл цæуы, уыцы иудейаг дины сæйраг къордтæй иу. Синедрионы уæнгтæн сæ фылдæр, хистæр сауджынтæ æмæ се 'ввахс адæм уыдысты саддукейтæ. Фарисейтæй хъауджыдæр, адонмæ кадджын уыдис æрмæст Фондзчиныгон, не 'ууæндыдысты дзыхæйдзургæ таурæгътыл, æнæууæнк кодтой пехуымпарты чингуытыл. Зæгъæм, разы нæ уыдысты, Хуыцауы Тæрхоны бон мæрдтæ се 'ппæт дæр кæй райгас уыдзысты æмæ Хуыцауы раз кæй æрлæудзысты, ууыл. *Лк 20:27*

**Сайтан**

Хуыцау æмæ йæ лæггадгæнджыты знаджы арæх фæхонынц сайтан. Дзырд «сайтан» нысан кæны «ныхмæлæууæг» кæнæ «азымыдарæг» – тæрхоны раз лæууæджы ныхмæ чи дзуры æмæ йæ ахсоджын чи кæны, уый. Хуыцауы ныхмæлæууæг æмæ фыдмонты сæргълæууæг уæвгæйæ, сайтан, стæй уыцы монтæ сайынц адæмы, Хуыцаумæ сæ нæ уадзынц æмæ бæллынц се сæфтмæ. Хуыцауы ныхмæ чи цæуы, уыцы адæм сты сайтаны ардыд. Æргомады чиныджы дзырдæуы, зæгъгæ, иуафон сайтан бынтондæр саст æмæ сæфт æрцæуыдзæн. Библийы сайтаны иннæ нæмттæ сты: хæйрæг, сайæг, Веелзевул, Левиафан. *1 Азф 21:1; Иов 1:6-8; Зах 3:2; Мт 4:10; Æрг 20:2*

**Самари**

Палестинæйы иу хай, Иудейæ цæгатæрдæм æмæ Галилейæ хуссарæрдæм. Паддзах Соломоны амæлæты фæстæ хуыдис Цæгатаг паддзахад Израил дæр æмæ, Амрийы паддзахиуæгадæй фæстæмæ (Ч. Р. агъ. 885-874 азты), йæ сæйраг сахар дæр. Ч. Р. агъ. 722 азы ацы паддзахад куы ныппырх ис, уæд сси Ассирийы империйы хай, æмæ дзы æрцæрын кодтой æндæр бæстæтæй æрлидзджыты. Бæстæйы цы дзуттæгтæ баззадис, уыдоны æмæ ног æрлидзджыты хонын райдыдтой самариæгтæ. Æгтæ дæр, иудейæгты хуызæн, Хуыцаумæ куывтой Йерусалимы нæ, фæлæ Геризимы хохыл. Иудейæгтæ æмæ самариæгтæ кæрæдзийы нымадтой æцæг диныл къух сисджытыл, æмæ уымæ гæсгæ кæрæдзимæ хæстæг нæ цыдысты. Иудейæгты фæстæ Фарны Уац чи айста, уыдон уыдысты самариæгтæ.

Ромы хицаудзинады заман, Иудей æмæ Галилей иумæ уыдысты, Палестинæ кæй хуыдтой, уыцы провинци. Стефаны хъизæмайраг мæлæты фæстæ Йесо Чырыстийы ахуыргæнинæгтæй бирæтæ ацыдысты мæ æмæ уым уацамынд кодтой. Афтæмæй Самарийы зæххыл раджы фæзынди чырыстон дины фæдыл цæуджытæ. *3 Пад 16:23-24; 4 Пад 17:24; Лк 10:33-35; Ин 4:9; Хъуыд 8:1,4-25*

**Сауджын**

Фембæлды Цатыры æмæ Йерусалимы Кувæндоны уазлæггад кæныны сæрмагонд бар кæмæн уыдис, ахæм адæймаг. Моисейы Æгъдаумæ гæсгæ сауджын уæвæн уыдис æрмæст Моисейы хистæр æфсымæр Аароны байзæддæгтæн, уымæн æмæ Хуыцау Аароны равзæрста уазлæггадæн. Сауджынты хæс уыди уазлæггад кæнын, нывæндтæ хæссын, дины фæтк æмæ æгъдæуттæ æххæст кæнын. Сæ лæггады сын æххуыс кодтой левиттæ. Æрмæст сауджынтæн уыдис Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та Кувæндоны Рухсмонуатмæ бацæуыны бар. Сауджынтæ дих кодтой, радыгай чи лæггад кодта, дыууадæс ахæм къордыл. Сауджынты сæргъы лæууыди хистæр сауджын. Ног Фæдзæхсты Хуыцау сауджынтæн зæрдæ æвæры, ног дунейы Йæ сауджынтæ кæй уыдзысты, уымæй. *Райд 41:45; Рац 30:30; Мт 8:4; Лк 1:8; Дзут 5:6; Æрг 20:6*

**Сæндуцæн**

Къæдзæхы къахт бæрцуат сæнæфсир лæмарынæн. Йæ быны уыдис, сæнæфсиры дон бинаг (уый дæр къæдзæхы къахт), къаддæр, бæрцуатмæ, кæуылты калдис, ахæм хуынкъ. Сæн дуцгæйæ-иу цупæлттæ надтой бæгъæввадæй. *Фæт 6:11; Ис 63:3; Мт 21:33; Æрг 14:20*

**Сæрдын, сæрст**

Сæрмагонд фæтк æххæст кæнгæйæ, адæймаджы кæнæ исты дзаума хицæн лæггадæн равзарын æмæ снысан кæнын – йæ сæрыл ын оливæйы сой тадзын. Сауджынлæггадæн кæнæ паддзахиуæгæн сæрстой, Хуыцау сæрмагондæй ацы куыстæн кæй равзæрста, уыдоны. Хатгай сæрстой пехуымпарты дæр. Оливæйы сойæ сыгъдæг кодтой нывонддон æмæ Фембæлды Цатыр. Ахæсгæ нысаниуæджы дзырд «сæрст» бæрæг кæны, уырнджытæ, Аргъуанмæ бацæугæйæ, лæггад кæнынæн Хуыцауæй цы хорзæх æмæ арфæ райсынц, уый. *Рац 40:9,15; Лев 4:3; 1 Пад 16:13; 3 Пад 19:16; Мт 22:41-45; 1 Ин 2:27*

**Синагогæ**

Иудейæгты иумæйаг æмбырд кувынæн, Сыгъдæг Фыст кæсынæн, дины æгъдæуттæ ахуыр кæнынæн, стæй ахæм æмбырдты хæдзар. Синагогæтæ фæзындысты Вавилоны уацары заман, стæй, иудейæгтæ Зæрдæвæрд Зæхмæ куы раздæхтысты, уæд рапарахат сты. Æмбырды хуымæтæг архайæгæн дæр йæ бон уыдис Сыгъдæг Фыстæй скъуыддзаг бакæсын, стæй йæ иннæтæн æмбарын кæнын кæнæ сын зондамонæн ныхас кæнын. Кувæндонæй хъауджыдæр, синагогæты нывæндтæ нæ хастой. Зæгъæн ис æмæ, иудейæгтæ кæм цардысты, уыцы сахартæн сегасы дæр уыдис æппынкъаддæр иу

синагогæ. ***Мт 4:23; 12:9; Мк 1:21; Лк 4:16-21; Хъуыд 13:14; 14:1; 17:10***

**Синай**

Синайы хох (фæхонынц ма йæ Хорев дæр), Синайы æрдæгсакъадахы зæххыл (ныртæккæйы Мысыры), Хуыцау Израилы адæмимæ фидыд кæм сарæзта æмæ сын, Моисеймæ раргом уæвгæйæ, Æгъдау кæм радта, уый. Моисей Синаймæ схызти, Дæс ныстуаны цы къæйтыл (Фидыды къæйдуртæ) фыст æрцыдысты, уыдон райсынмæ. Ацы хохыл Дунедарæг дымгæйы уддзæфы хуызы Йæхи раргом кодта пехуымпар Илийамæ. ***Рац 19:1-25; 3 Пад 19:8-18; Гал 4:24-25***

**Синедрион**

Ромы паддзахиуæгады заман иудейæгты дины æмæ тæрхоны уæлдæр къабаз. Йерусалимы Стыр Синедрионы уыдис æвдай иу уæнджы: сауджынтæ, æгъдаузонджытæ, фарисейтæ æмæ æндæр бæрнон адæймæгтæ. Уыцы æмбырд ромæгты раз уыдис иудейаг адæмы минæвар æмæ æххæст кодта уæлдæр тæрхондоны хæстæ. Ног Фæдзæхсты заман синедрионы сæйрагдæр уынаффæтæ хъуамæ фидар кодтаид ромаг хицауад. Уыди ма чысыл синедрионтæ дæр, 23 уæнгæй арæзт. Ахæм синедрионтæ уыдис Иудейы æппæт сахарты дæр, æххæст кодтой дины æмæ тæрхоны бынæттон оргæнты хæстæ. ***Мт 26:59; Ин 18:31; Хъуыд 23:6***

**Сион**

Йерусалим цы къуылдымтыл арæзт у, уыдонæй иу. Уымæ гæсгæ ацы номæй арæх фæхонынц Йерусалимæн йæхи, символон хуызы та – уæларвон Йерусалим, рæстудтæ Хуыцауимæ æнусмæ кæм цæрдзысты, уыцы сахар. Сион нымад уыди Хуыцауы цæрæнбынатыл. Кувæндон цы къуылдымыл арæзт уыди, уый дæр Сионы хох фæхонынц. ***2 Пад 5:7; Пс 9:15; 101:17; Мт 21:5; Дзут 12:22***

**Сионы чызг**

Поэтикон загъд, афтæ хуыдтой Йерусалим (йæ центр уыди Сионы хох) кæнæ йæ цæрджыты. ***Пс 9:15; Ис 37:22***

**Содом æмæ Гоморрæ**

Ханааны рагон сахартæ, Хуыцау се 'нæуагдзинады тыххæй уæларвон зынгæй кæй басыгъта, уыдон. ***Райд 19; Мк 6:11***

**Соломон**

Паддзах Давиды фырт; Давиды фæстæ Израилы паддзах (Ч. Р. агъ. X æн.). Йæ паддзахиуæгады афонмæ Давиды хæстытæ фесты æмæ Израилы паддзахад йæ тæмæны бацыди. Соломон хъуыстгонд уыдис йæ куырыхон зондæй æмæ йæ хъæздыгдзинадæй; уый Йерусалимы сарæзта фыццаг Кувæндон.

Соломоны заман Израил бацыди йæ тыхы æмæ скадджын ис. Хуыцауы зæрдæвæрдмæ гæсгæ, Соломоны паддзахиуæг уыдис сабыр æмæ æвæлмас. Уый фæфылдæр кодта хъалоны фиддонтæ, æфсады нымæц, стæй йæ устыты æмæ йæ номылустыты нымæц дæр. Йæ царды кæрон Соломон йæ устыты ардыдæй æндæр хуыцæуттæм дæр райдыдта кувын, æмæ уымæ гæсгæ Хуыцау Соломоны амæлæтæй афæдз фæстæдæр Израил бауагъта дыууæ дихы фæкæнын. Соломоны номимæ баст сты Рагон Фæдзæхсты цалдæр чиныджы: Æмбисæндтæ, Екклесиаст, Зарджыты Зарæг. ***2 Пад 12:24; 3 Пад 4:29-34; 11:1-6; 1 Азф 22:8-10; Мт 6:29; 12:42***

**Стыр Ирод, Ирод Антипæ, Ирод Агриппæ I, Ирод Агриппæ II**

Иудейаг паддзах, æгас Палестинæйæн дæр хицауиуæг кодта Ч. Р. агъ. 40 азæй Ч. Р. агъ. 4 азмæ. Ацы паддзах ныццæгъдын кодта Вифлеемы ноггуырд сывæллæтты, Йесо Чырысти куы райгуырд, уымæй чысыл фæстæдæр. ***Мт 2:1-3***

Ирод Антипæ – Стыр Ироды фырт, паддзахиуæг кодта Галилейы Ч. Р. агъ. 4 азæй Чырыстийы райгуырды фæстæ 39 азмæ. Аргъауæг Иуане йæ азымы куы бадардта йе 'нæуаг усракуырды тыххæй, уæд æй æрцахсын æмæ амарын кодта. Йесойæн тæрхон куы кодтой, уæд Æй Понтий Пилат барвыста Ирод Антипæмæ – уый рагæй фæндыд Йесойы æмæ, цы диссæгтæ аразы, уый фенын. Фæлæ Йесойы нæ бафæндыд йемæ дзурын, æмæ Йæ Ирод бафхæрдта æмæ фæстæмæ арвыста. ***Мк 6:14-27; Лк 23:7-12***

Ирод Агриппæ I – Стыр Ироды фырты фырт; Чырыстийы райгуырды фæстæ 41-44 азты паддзахиуæг кодта Палестинæйы. Тынг æфхæрдта чырыстæтты. ***Хъуыд 12:1-4,20-23***

Ирод Агриппæ II – апостол Павел кæй раз ныхас кодта, уыцы Ирод Агриппæ I (Фыццаджы) фырт; 70-æм азы онг паддзахадиуæг кодта Палестинæйы алы хæйтты, уый фæстæ Роммæ ацыдис. ***Хъуыд 25:23-24***

**Сунæт кæнын**

Лæппуты, нæлгоймæгты кæройнаг буар лыг кæныны фæтк. Хуыцау Авраамæн цы ныстуан радта, уымæ гæсгæ, алы дзуттаг лæппу дæр йæ райгуырды фæстæ æстæм бон хъуамæ сунæтгонд æрцæуа. Йесойы рæстæджы сывæллонып ном дæр уыцы бон æвæрдтой. Сунæт уыдис Хуыцау æмæ Авраамы байзæддæгты æхсæн фидыды (бадзырды) нысан æмæ æвдыста, адæймаг йæ бинонтимæ иумæ Хуыцауы адæмы хай кæй сси æмæ Хуыцауы амындмæ гæсгæ кæй цæры. Сунæт уыдис Израилы адæмæй уæвыны нысан. Дзуттæгты арæх хуыдтой «сунæтгæндтæ»,

иннæ адæмты та, Иунæг Хуыцауы чи нæ зыдта, ома муртаттæгты, – «æнæсунæт». *Райд 17:9-27; Лев 12:3; Ин 7:22; Ром 4:10*

**Сыгъдæг Уд**

Дзуттаг дзырд «руах» æмæ бердзенаг «пнеума» нысан кæнынц «улæфт, уддзæф, тæф». Рагон Фæдзæхсты Хуыцауы Уд у, зæххыл цыдæриддæр ис, уый фæлдисæг æмæ царддæттæг тых. Уыцы Уд адæймагæн дætты зонд, арæхстдзинæдтæ æмæ курдиæттæ, сиды йæм Хуыцауæн лæггад кæнынмæ. Израилы тæрхонгæнджытæй, пехуымпартæй æмæ паддзæхтæй Хуыцауы Уд агуырдта сæрмагонд лæггад. Хуыцауы Уд-иу йæхи æруагъта хицæн адæймæгтыл кæнæ адæмы къордыл æмæ-иу сæ схайджын кодта развæлгъау дзурыны курдиатæй.

Библийы ма Хуыцауы Уды хуындæуы Сыгъдæг Уд. Сыгъдæг Удмæ дæр, Фырты æмæ Фыды хуызæн, ис Хуыцауы æппæт миниуджытæ.

Лукайы Евангелимæ гæсгæ, Йесо сæнтысти æнæ адæймаджы архайдæй, æрмæст Сыгъдæг Уды фæрцы. Аргъауыны рæстæг Йесойыл сæрмагонд хуызы Йæхи æруагъта Сыгъдæг Уд. Йесо зæрдæ куыд æвæрдта, афтæ, Хорысæры бæрæгбоны (Фæндзайоны боны), Сыгъдæг Уд Йæхи æруагъта апостолтыл дæр. Сыгъдæг Уды фæрцы адæймаг райгуыры ног царæн æмæ йæ Хуыцау Йæ фырт схоны. Хуыцауыл æууæндæджытæн Уд ратты Аргъуаны лæггад кæныны курдиат. Уды лæвæрттæ сты: уарзт, цин, æнцой, фæразондзинад, хæларзæрдæ æмæ сæрныллæг уæвын, уырнындзинад, хиуылхæст. Дзырд «руах» ма нысан кæны адæймаджы уд кæнæ адæймаджы уæлдæр мидис. Ацы дзырд бæттынц монон гоймæгтимæ дæр (зæгъæм, зæдтæ æмæ дæлимонтæ). *Райд 1:2; Рац 15:8; Фæт 3:10; 1 Пад 10:6; 16:14; 3 Пад 21:5; Иов 32:8; Пс 50:13; Ис 63:10; Мт 3:16; 28:19; Лк 1:35; 8:55; Ин 3:8; 14:26; 20:22; Хъуыд 2:1-4; 16:16; Ром 8:15; 1 Кор 12:8-10; Гал 5:22-23; Дзут 1:14*

**Сыгъдæг, æнæсыгъдæг**

Рагон Фæдзæхсты ацы дзырдтæ хауынц, сæйрагдæр, ритуалон сыгъдæгдзинадмæ. Моисейы Æгъдаумæ гæсгæ, израилæгтæ хъуамæ кæрæдзийæ иртæстаиккой сыгъдæг æмæ æнæсыгъдæг. Æнæсыгъдæгыл нымад уыдысты иуæй-иу цæрæгойтæ, мæргътæ æмæ кæсæгтæ, дзауматæ æмæ хойраджы хуызтæ, фæлæ уый хаудис адæймагмæ дæр. Адæймаг сыгъдæгыл нымад уыди, æнæсыгъдæг хæринаг куы нæ хордта, хъотырджыныл, буары низтæй сæйæгыл кæнæ мардыл куы не 'ндзæвыд, йæ буарыл тугæрхæмттæ куы нæ уыдис, уæд. Сылгоймаг æнæсыгъдæгыл нымад уыдис æрвылмæйон низы рæстæг кæнæ ныййарыны хæдфæстæ. Æнæсыгъдæгыл нымад уыдысты, хъотыр æмæ буары æндæр низтæй чи садис, уыдон. Æнæсыгъдæг адæмæн нæ уыдис дины фæтк æххæст кæныны æмæ сыгъдæгыл андзæвыны бар. Хи ссыгъдæг кæныны тыххæй адæймаг хъуамæ сæххæст кодтаид бæлвырд фæтк. Зæгъæм, сыгъдæг кæныны тыххæй хастой нывонд æмæ-иу адæймаджы бапырх кодтой иссопæй (кæрдæг), стæй ма хъуыдис хи цынайын æмæ уæлæдарæс цыхсын дæр. Ног Фæдзæхсты ритуалон сыгъдæгдзинадмæ ис æндæр ахаст. Йесо Чырысти амыдта, адæймаг тæригъæдтæй куынæ ссыгъдæг уа, уæд æддаг сыгъдæгдзинад кæй ницы у. Чырыстийы райгасы фæстæ апостол Петр Хуыцауæй райста æргомад, цæмæй, Уый цы ссыгъдæг кодта, уый æнæсыгъдæгыл нымад ма уа, уымæн æмæ, Хуыцау цы сфæлдыста, уыдонæй æнæсыгъдæг ницы у. *Лев 7:19; 10:10; 13:13; Ным 19:17-19; Фæл 14:3-21; Пс 50:4,9; Мт 23:25-26; Хъуыд 10:15; Ром 14:14; Тит 1:15*

**Сыкъауадындзты бæрæгбон**

Бæрæг æй кодтой дзуттаг къæлиндары æвдæм мæйы, тишрийы (кæнæ ефонимы), фыццаг бон. Æрхаудис-иу фæззæджы райдианмæ. Уыцы бон израилæгтæ улæфыдысты се 'ппæт куыстытæй дæр. Скодтой-иу уазæмбырдтæ, цагътой сыкъауадындзтæй æмæ хастой æмбæлгæ нывæндтæ. *Лев 23:23-25; Ным 29:1-6*

**Тæригъæд**

Хуыцауы Æгъдау не 'ххæст кæнын, Йæ фæдзæхстытæ Йын халын æмæ Хуыцауы коммæ нæ кæсын. Рагон Фæдзæхсты тæригъæдджын адæймаг йæ тæригъæды тыххæй хъуамæ нывонд æрхастаид. *Райд 4:7; 18:20; 31:36; Рац 29:10-14; Мт 3:6; Ром 3:20*

**Тæригъæды нывонд**

Ацы нывонды нысан у æнæсыгъдæгдзинадæй фервæзын æмæ уд ссыгъдæг кæнын. *Рац 30:10; Лев 4:2-35; Дзут 10:26*

**Уаз бынат**

Рухсгонд дзул, сыгъзæрин будсудзæн нывондхæссæн æмæ сыгъзæрин цырагъ кæм уыдысты, уыцы агъуыст Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та – Кувæндоны. Рухсмонуатæй хицæнгонд уыдис егъау æмбæрзæнæй.

Æгъдаумæ гæсгæ-иу сауджын нывонддонмæ бацыдис райсомæй æмæ изæрæй, сыгъзæрин нывондхæссæныл цырагъ ссудзынмæ. Уаз бынатмæ бацæуыны бар уыдис æрмæст сауджынтæн. Хатгай дзырдбаст «уаз бынат» фæнысан кæны æппæт Фембæлды Цатыр кæнæ Кувæндон. Ацы нысаниуæджы «уаз бынат» нымад уыдис, Хуыцау Йæхæдæг кæм ис, ахæм бынатыл. Дзуттæгтæ æууæндыдысты ууыл дæр, æмæ зæххон уаз бынат дæр æмæ зæххон

Кувæндон дæр (Фембæлды Цатыр) кæй сты, Хуыцауы бынат чи у, уыцы æцæг, уæларвон Кувæндонæн йе 'ндæрг. Дзуттæгтæм æрвыст фыстæджы загъдæуы, Йесо Чырысти Йæ нывонды фæрцы уырнджытæн уæларвон Кувæндонмæ бацæуыны фадат кæй радта. ***Рац 26:33; Лев 4:6; Езек 42:13; Дзут 9:1-10; 9:24-25; 10:19***

**Уаз, рухс**

Библийы «уаз» нысан кæны «хицæнгонд, æрвылбоны арæнтæй ахизæг, ацы дунейæ чи нæу æмæ уымæ гæсгæ бандзæвæн кæуыл нæй, ахæм». Ацы дзырд хауы, фыццаджыдæр, Хуыцаумæ. Рагон Фæдзæхсты афтæ хуыдтой, æрмæст Хуыцауæн нывондгонд цы у, уый: Фембæлды Цатыр, Кувæндон, хуыцаулæггады дзауматæ. Адæмимæ бастæй та дзырд «уаз» нысан кодта, Хуыцаумæ чи кувы, уыдоны (Рагон Фæдзæхсты уыдон сты Израилы адæм, Ног Фæдзæхсты та – Аргъуан). Адæм дæр æмæ предметтæ дæр рухсгонд цæуынц Рухсмæ æмхиц уæвыны (бандзæвыны) фæрцы. Рухсгонд (уаз) вæййынц, цалынмæ æнæсыгъдæгыл нæ бандзæвынц, уæдмæ. Куы бандзæвой, уæд та, Хуыцаумæ кувыны кæнæ куывды архайыны размæ, хъуамæ фæткмæ гæсгæ ногæй сыгъдæггонд æрцæуой. ***Лев 6:18; 11:44-45; 14:8; Ис 6:3; Мк 1:24; Ром 1:7; Æрг 4:8***

**Уæрдон**

Дыууæцалхон бæхуæрдон, пайда дзы кодтой хæсты быдыры дæр æмæ хуымæтæг уæзласæны хуызы дæр. Уæлдай арæхдæр æмбæлдис, Ромаг империйы сахартæ æмæ провинциты æхсæн хорз фæндæгтæ куы фæзындис, уæд. Адæмы, стæй уæззау дзауматæ ластой сындæггай цæуæг уæрдæттыл. Рогдæр дыууæцалхон уæрдæтты ластой æрмæст адæмы. Уыди ма сæрмагонд постласæн уæрдæттæ дæр. ***Райд 41:43; 46:29; 1 Пад 8:11; Хъуыд 8:28***

**Урим æмæ туммим**

Хуыцауы фæндон бамбарынæн цы дзауматæй пайда кодтой, уыдон. Æвæрд уыдысты хистæр сауджыны риуылдарæны – хуыдтой ма йæ «тæрхоны риуылдарæн» дæр. Нымад у, зæгъæ, ацы дзауматы фæрцы уыдис хæлттæ æппарæн: сæ иу нысан кодта «о», иннæ та «нæ». ***Рац 28:30; Лев 8:8; Фæл 33:8***

**Уырнынад**

Хуыцауыл æууæндын, Уый зæрдæ цæмæй бавæрдта, уыдон иууылдæр кæй æрцæудзысты, уыул æууæндын, Йæ дзырдимæ Йын разы уæвын, æрвылбон Йæ фæнд æххæст кæнынмæ цæттæ уæвын. Ног Фæдзæхсты Йесо Чырыстийыл æууæндын нысан кæны Уый Хуыцауыл æмæ Ирвæзынгæнæгыл нымайын. ***Райд 15:6; Дзут 11***

**Фараон**

Рагон Мысыры афтæ хуыдтой хицауиуæггæнæджы (паддзахы). Уыдонæй иу хорз цæстæй кастис Йаковы фырт Йосефмæ, иннæ та тынг карз æфхæрдта уацары уæвæг израилæгты (Мысырæй рацыды размæ). ***Райд 41:38-46; Рац 1:8-22; 3 Пад 9:16; Хъуыд 7:10***

**Фарисейтæ**

Ног Фæдзæхст кæй кой кæны, уыцы иудейаг дины сæйраг къордтæй иу. Фарисейты минæвæрттæ уыдысты Синедрионы уæнгтæ. Саддукейтæй хъауджыдæр, фарисейтæ архайдтой æрмæст Моисейы Æгъдау нæ, фæлæ ма бирæ дзыхæйдзургæ таурæгъты домæнтæ æххæст кæнынил дæр. Ноджы сæ уырныдта, Хуыцау дунейæн тæрхон куы кæна, уæд æппæт мæрдтæ дæр кæй райгас уыдзысты æмæ Хуыцауы раз кæй æрлæудзысты, уый. Тынг лæмбынæг æххæст кодтой ритуалон сыгъдæгдзинады фæтк, адæмы æхсæн сын уыдис стыр кад, æмæ сæхæдæг дæр сæрыстыр уыдысты, динылмард æмæ хæрзæгъдау кæй сты, уымæй. Дины домæнтæ афтæ карзæй чи не 'ххæст кодта, уыдоныл-иу фарисейтæ былысчъилтæ кодтой. Йесо адæмы фæдзæхста, цæмæй сæхи хизой фарисейты фæзмынæй кæнæ сæ ахуырыл лæууынæй, уымæн æмæ фарисейтæ Моисейы Æгъдау уæлæнгай æххæст кодтой. Чырыстимæ йе 'ргом раздахыны размæ апостол Павел дæр фарисей уыдис. ***Мт 5:20; 9:11; 23:2-39; Лк 18:11; Хъуыд 23:6-9; 26:5***

**Фарн**

Ног Фæдзæхсты хуыцаузонæн терминты сæйрагдæртæй иу. Ацы дзырд нысан кæны, Хуыцау адæймагæн йæ цавæрдæр хъуыддæгты тыххæй нæ, фæлæ Йæхи фæндæй кæй ратты, ахæм хорзæх. Уымæй фарн хицæн кæны Æгъдауæй: Æгъдау бæрæг кæны Хуыцау æмæ адæймаджы æхсæн, стæй хицæн адæймæгты æхсæн рæстады бындурыл арæзт ахастытæ – алкæмæн дæр лæвæрд цæуы, цæй аккаг у, æрмæстдæр уый.

Фарны æмбарынад ахæссæн ис хицæн адæймаджы кæнæ адæмы къорды алыхуызон курдиæттæм æмæ цаутæм; æппæты стырдæр фарн у Чырыстийыл æууæндæг адæмæн лæвæрд æнусон цард Хуыцауимæ. ***Лк 1:30; Ром 5***

**Фарны Уац, Евангели**

Бердзенаг дзырд «эвангелион» нысан кæны цавæрфæнды хорз уац дæр, зæгъæм, знæгтыл фæуæлахиз уæвын, сабырдзинады æрлæуд, паддзахы байзæддаджы райгуырд.

Ног Фæдзæхсты Хуыцау йæ зæдты фæрцы адæмæн фехъусын кодта, Рагон Фæдзæхст Йе 'рцæуыны

кой Кæмæн кæны, Уыцы Мессиа (бердзенагау «Христос») кæй райгуырдис.

Хуыцауы Паддзахады æрцæуыны æмæ Хуыцауы адæмуарзоны тыххæй Фарны Уац фехъусын кодта Йесо Чырысти Йæхæдæг. Уыцы уарзондзинады сæраппонд Йесо, Хуыцауы Фырт, Йæхи мæлæтмæ радта, фæлæ Йæ Хуыцау райгас кодта. Йесо Чырыстийы райгуырды, Йæ лæггады, Йæ амынды, дзуарыл Йæ мæлæты æмæ Йæ райгасы тыххæй Фарны Уац сси чырыстон дины бындур. Фæстæдæр Фарны Уац хонын райдыдтой, Чырыстийы зæххон цард, амæлæт æмæ райгасыл ныхас кæм цæуы, Ног Фæдзæхсты уыцы фыццаг цыппар чиныджы. ***Ис 52:7; 61:1; Мт 4:23; Лк 1:26-38; 2:10; 1 Кор 15:1***

**Фæдзæхсын, арфæ кæнын**

Искæмæн хорзæх курын. Хуыцау адæймагæн арфæ куы фæкæны, уæд ын ралæвар кæны исты хорзæх, зæгъæм, æнтыстдзинад, сабырдзинад, бирæ байзæддæгтæ, цард. Хуыцау арфæ кæны, Йæхи кæмæн фæнды, уыдонæн.

Иу адæймаг иннæйы Хуыцауыл куы фæдзæхса, уæд йæ куывдæй æвдисы, йæ зæрдæ йын хорздзинæдтæ кæй зæгъы, уый. Пехуымпартæ Авраам, Исаак æмæ Йаков сæ цоты Хуыцауыл куы фæдзæхстой, уæд развæлгъау кодтой амондджын фидæны кой.

Адæймаг Хуыцауæн куы арфæ кæна, уæд Ын кад кæны æмæ Дзы бузныг у. Йесо уæларвмæ ссæуыны размæ сывæллæтты æмæ Йæ ахуыргæнинæгты фæдзæхста. Чырыстийы ахуыргæнинæгты хæс у Хуыцауы арфæ хæссын æмæ йæ парахат кæнын, уыимæ Хуыцауы арфæйæ хайджын сты знæгтæ æмæ æфхæрджытæ дæр. Хуыцауыл фæдзæхсын у дзырд «æлгъитын»-ы антоним. ***Райд 1:22,28; 12:3; Фæл 28:1-14; Мт 5:44; Мк 10:16; Лк 6:28; 24:50; Ром 12:14; 15:29; 1 Кор 4:12***

**Фæсмон, фæфæсмон кæнын, хиуыл æрхудын**

Фæсмонмæ хауы хиуыл æрхудын, тæригъæдтæ бамбарын æмæ, Хуыцауæн хъыг чи у, ахæм цардыл къух сисын. Дзуттаг дзырд «шув» нысан кæны «баздæхын», «раздæхын»; фæсмоны нысаниуæджы йæ мидис у уый, æмæ адæймаг æгасæй дæр Хуыцауы ’рдæм куы аздæхы, æндæр хуыцæуттæн лæггад кæнынæй æмæ тæригъæдтæм æмхиц уæвынæй йæхи куы фæиппæрд кæны. Фæсмонимæ ма баст у дзуттаг дзырд «нихам» дæр, нысан кæны «фæсмон кæнын», «хъыг кæнын», уымæн æмæ фæсмоны райдайæн у æфсæнттæ нæ агурын æмæ тæригъæдджын царды хи атигъ кæнын. Фæсмонгæнгæйæ, ком дæр æмæ сау дæр фæдарынц, фæкæуынц, сæ уæлæдарæс арæдувынц фæйнæрдæм, риу фæхойынц. Фæсмонгæнæг адæймаг Хуыцауæй хатыр куры йæ тæригъæдты тыххæй æмæ фидарæй бауынаффæ кæны, кæй нал фæрæдидзæн, Хуыцауы фæндон кæй æххæст кæндзæн.

Ног Фæдзæхсты пайда кæнынц бердзенаг дзырдæй – «метанойа»; нысан кæны «зонды ивд», уымæн æмæ ма, уæлдæр ранымад хъуыддæгтæй уæлдай, фæсмонмæ хауы тæригъæдджын хъуыдытæй суæгъд уæвын æмæ æппæт зонд æмæ зæрдæйæ Хуыцаумæ аздæхын. Библийы бирæ ис фæсмоны уацамынды дæнцæгтæ, зæгъæм, Йеремиамæ, Иоелмæ æмæ Ионæмæ, стæй Аргъауæг Иоаннмæ. Ахæм уацамынд ис Йесо Чырыстийы æмæ апостолты амындтыты дæр. ***3 Пад 21:27; Иов 42:6; Йер 31:19; Езек 18:30; Иоел 2:12; Ионæ 3:5; Мт 3:8; Мк 2:17; Лк 18:13; 2 Тим 2:25-26***

**Фембæлды Цатыр**

Хæсгæ кувæндон, арæзт у егъау цатыр æмæ йæ алыварс æмбондæй æхгæд кæрты хуызы. Кæрты уыди нывондхæссæн, æрхуы «денджыз» æмæ Фембæлды Цатыр йæхæдæг, хуыдтой ма йæ Æмбырды Цатыр кæнæ Æргомы Цатыр. Фембæлды Цатыр уыдис, израилæгтæ сауджынты фæрцы Хуыцауимæ кæм æмбæлдысты, уыцы бынат. Цатыры мидæгæй уыди дыууæ агъуысты: Уаз бынат æмæ Рухсмонуат. Уаз бынаты уыдис фынг, йæ уæлæ рухсгонд дзултæ æмæ уаз лæвæрттæ кæнынæн хъæугæ дзауматæ, стæй будсудзæн нывондхæссæн æмæ цырагъ. Хуыцауы фæндонмæ гæсгæ израилæгтæ Фембæлды Цатыр сарæзтой æмæ йæ семæ хастой, æдзæрæг быдыры куы хаттысты, уæд. Фембæлды Цатыры æвæрд уыдис Фидыды Чырын. Израилæгты рæсæнуаты Фембæлды Цатыр нысан кодта Хуыцауы хæдзар. Цалынмæ Соломон Йерусалимы Кувæндон нæ сарæзта, уæдмæ израилæгтæ Хуыцаумæ куывтой æмæ йын нывонд хастой Фембæлды Цатыры раз. Израилæгтæн уыдис Фембæлды Цатыры кæртмæ бацæуыны бар, фæлæ Уаз бынатмæ цæуæн уыдис æрмæст сауджынтæн; уыимæ Рухсмонуатмæ бацæуæн уыдис æрмæст хистæр сауджынæн, уый дæр афæдз иу хатт. Израилæгты уырнидта, Хуыцау Фембæлды Цатыры кæй ис æмæ афтæмæй æппæт æмбырд дæр Йемæ кæй сты, уый. Соломоны заман Фембæлды Цатыр иу ранæй иннæмæ нæ хастой, фæлæ æдзух уыдис Йерусалимы, æмæ йæ раивта дур æмæ хъæдæрмæгæй арæзт Кувæндон. ***Рац 26:1-37; 27:21; Ным 1:50; Хъуыд 7:44; Дзут 8:2-5***

**Фиддоны нывонд**

Нывонды нысан у, Хуыцауы раз кæнæ адæймаджы раз чи фæтæригъæдджын ис, уымæн ныххатыр кæнын. ***1 Пад 6:3***

**Фидыд (бадзырд)**

Формалон бадзырд адæймæгты æхсæн кæнæ адæймаг æмæ Хуыцауы æхсæн. Дыккаг уавæры

Хуыцау зæрдæ бавæры, адæймаг та сразы вæййы цавæрдæр æгъдæуттæ, уагæвæрдтæ æххæст кæныныл; фидыдæн уæвæн уыдис иувæрсыг дæр (Хуыцау адæймагæн зæрдæ æвæры). Фидыд ныффидар кæнынæн-иу хастой нывонд. Библийы сæйраг бынат ахсы Хуыцау æмæ адæмы æхсæн фидыд. Синайы хохыл Хуыцау Моисейы фæрцы фидыд сарæзта дзуттаг адæмимæ. Хуыцау дзуттæгтæн зæрдæ бавæрдта йæ хæрзаудæнæй, знæгтæй сæ хъахъхъæнынæй, уыдон та Йыл хъуамæ иузæрдион уыдаиккой æмæ Йын Йæ фæнд æххæст кодтаиккой, Æгъдауы куыд загъд у, афтæ. Уыцы фидыды, йæ сразыны æмæ йе 'ххæст кæныны кой цы чингуыты æмбырдгонды ис, уый хуыйны Рагон Фæдзæхст. Пехуымпартæ развæлгъау дзырдтой, зæгъгæ, Хуыцау æмæ адæмы æхсæн уыдзæн ног фидыд. Евангелийы загъдæуы, уый Йесо Чырыстийы мæлæт æмæ райгасы фæрцы кæй сарæзтæуыд. Уыцы фидыды кой ис Ног Фæдзæхсты чингуыты. Ныр Хуыцауы адæмыл нымад сты, Чырыстийыл чи бауууæндыдис æмæ Йæ амындмæ гæсгæ чи цæры, уыдон сегас дæр, цавæрфæнды адæмыхаттæй куы уой, уæддæр. ***Райд 9:9-17; 15:18; Рац 6:4; 19:5-6; 2 Пад 5:3; Пс 88:4-5; Мт 26:28; Хъуыд 3:25; 1 Кор 11:25; Дзут 7:22***

### Фидыды нывонд

Ацы нывонд хастой Хуыцауимæ раст æмахастытæ хъахъхъæныны æмæ Йемæ бафидауыны, æмахастытæ сног кæныны тыххæй бæрæгбоны. Нывондаг-иу куы аргæвстой, уæд-иу кусарты иу хай нывондхæссæныл басыгътой, иннæ хай та-иу, нывонд чи хаста, уый, стæй йæ бинонтæ æмæ сауджын бахордтой. ***Лев 3:1-17; 3 Пад 9:25***

### Фидыды Чырын

Израилæгты сæйраг уаз хæзна: сыгъзæринцъар хъæдын лагъз. Йæ мидæг æвæрд дыууæ дурын къæйыл (фидыды къæйтыл) фыст уыдысты, Хуыцау Израилы адæмимæ фидыд куы сарæзта, уæд Синайы хохыл Моисейæн цы 10 ныстуаны радта, уыдон. Фидыды Чырыны сæрыл сыгъзæрин доны тылд нывты сæ базыртæ айтынг кодтой дыууæ херувимы. Рагон дзуттаг æвзагыл Фидыды Чырыны сæр хуындис «каппорет», ома «æхгæнæн, бафыст» («сыгъдæггонд»). Фидыды Чырын æвæрд уыди Рухсмонуаты – Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та – Кувæндоны, æппæты уаздæр бынаты. ***Рац 25:10-21; Дзут 9:4; Æрг 11:19***

### Филистим, филистимæгтæ

Адæмыхатт. Сæ равзæрд бынтон бæрæг нæу, чи зоны, рагон Ханаанмæ æрбафтыдысты сакъадах Кафторæй (Критæй). Ч. Р. агъ. XII æн. бацахстой цалдæр сахары Ханааны хуссар-ныгуылæйнаг былгæрон – Газæ, Ашкелон, Ашдод, Гат – æмæ сарæзтой фæндзæм сахар – Екрон. Хицæн кодтой Ханааны цæрæг иннæ адæмтæй. Филистимæгты-иу хуыдтой «æнæсунæттæ» дæр, уымæн æмæ уыдон, хæстæгскæсæйнаг адæмтæй хъауджыдæр, ацы фæтк не 'ххæст кодтой. Иннæ скæсæйнаг бæстæтæ сæтгæйæ, филистимæгтæ сæмбæлдысты, Ханааны цæгат-скæсæнæй ныгуылæнмæ чи цыдис, уыцы израилаг адæмимæ æмæ семæ хæцын райдыдтой. Афтæмæй филистимæгтæ систы Израилы сæйраг знæгтæй иу, цалынмæ сæ паддзах Давид бынтон нæ басаста, уæдмæ. ***Фæт 3:3; 14:3; 2 Пад 8:1; Йер 47:4***

### Фыст

Ног Фæдзæхсты афтæ хуыйнынц Рагон Фæдзæхсты чингуытæ. Фæстæдæр, Ног Фæдзæхст фыст куы æрцыд, уæд чырыстæттæ уый дæр бахастой «Сыгъдæг Фыст»-ы æмбарынадмæ. ***Мт 21:42; Ром 10:11***

### Халагъудты бæрæгбон

Дзуттаг бæрæгбон; израилæгтæ-иу ацы бонты сæ хæдзæрттæ ныууагътой, æмбæлгæ нывæндтæ-иу æрхастой æмæ-иу къуырийы дæргъы цардысты, тыллæг æфснайгæйæ, быдыры къалиутæй цы халагъудтæ арæзтой, уыдоны. Бæрæг æй кодтой дзуттаг къæлиндары æвдæм мæй тишрийы (кæнæ ефанимы) 15-æм бонæй 21-æм бонмæ, Сыгъдæггæнæн бонæй иу чысыл фæстæдæр. Бæрæгбон æййæфта хор æмæ дыргъытæ æфснайыны кæрон æмæ сæнæфсир тоныны рæстæг, фæззыгон къæвдаты размæ, уымæ гæсгæ ма йæ хуыдтой «Хорæфснайæн» кæнæ «Хуымгæрдæн». Бæрæгбоны къуыри мысыдысты, израилæгтæ, Мысырæй Ханаанмæ цæугæйæ, æдзæрæг быдыры куыд хаттысты æмæ халагъудты куыд цардысты, уый. Ацы бонты израилæгтæ Хуыцауæн арфæ кодтой хорæрзады тыххæй. Халагъудты бæрæгбоны дзуттаг ном у «суккот». ***Рац 23:16; 34:22; Лев 23:27-36; 23:39-43; Ным 29:12-35; Фæл 16:13-15; Ин 7:2***

### Халдейæгтæ

Вавилоны паддзахады цæрæг адæмтæй иу. Ацы номæй арæх фæхонынц Вавилоны æппæт цæрджыты дæр. ***4 Пад 24:2-13; Йер 24:5; 25:12; 51:24; Езек 23:15***

### Хамос

Моавæгтæ кæмæ куывтой, уыцы мураттаг хуыцау. ***3 Пад 11:7,33; Йер 48:13,46***

### Ханаан

Нойы фырты фырттæй иу. Хамы фырт, стæй ма, Зæххастæу денджызæй цæугæдон Иорданы æхсæн йæ байзæддæгтæ (хананейæгтæ) раздæр кæм цардысты, уыцы бынаты ном. Хуыцау ацы

зæхх раттынæй зæрдæ бавæрдта Авраам æмæ йæ байзæддæгтæн. Ханаан сындæггай басастой израилæгтæ. *Райд 9:18; 12:5-7; Рац 6:4; Нун 5:12; Хъуыд 13:19*

**Хæйрæг**

Дзырд «диаболос» рагон бердзенаг æвзаджы нысан кæны «азымыдарæг, хахуыргæнæг, мæнгдзурæг». Дæлимонты сæргълæууæг æмæ Хуыцауы знаг. Библийы йæ иннæ нæмттæ сты: сайтан, веелзевул, сайæг (пысылмон традицийы – иблис), кæфхъуындар. Æргомады чиныджы загъдæуы, зæгъгæ, заманты кæрон хæйрæг бынтондæр саст æмæ сæфт æрцæудзæнис. *Лк 4:2; Æрг 20:2*

**Хæрздæфгæнæн**

Бæлæсты чъиу, æмбырд æй кодтой æмæ йæ Кувæндоны сыгътой Хуыцауæн хæрздæфгæнаг нывонд æрхæссыны тыххæй. *Лев 4:7; 16:12; Ным 4:16*

**Хистæр сауджын**

Сæйраг, кæнæ уæлдæр, сауджын Аароны байзæддæгтæй. Æгъдаумæ гæсгæ, иуæй-иу фæтк æххæст кæныны бар уыдис æрмæст уымæн, зæгъæм, афæдз иу хатт Рухсмонуатмæ – Фембæлды Цатыры, фæстæдæр та Кувæндоны æппæты уаздæр бынатмæ бацæуын. Ног Фæдзæхсты заман хистæр сауджынтыл нымад уыдысты зынгæдæр иудейаг сауджынты æнæхъæн къорд. *Лев 16; Ным 35:28; Мт 26:3*

**Хойраджы хуын**

Кувæггаг æмæ нывонд хицæн кæнынц уымæй, æмæ, кувинæгтæ хæсгæйæ, кусарт нæ кодтой. Хойраджы хуын хæссыны сæйраг мидис уыди лæвар кæнын: уый уыдис Хуыцауæн (æмæ сауджынтæн) лæвар, арæх – тыллæджы бузнæн. Хойраджы хуыны уыдис хом кæнæ цурыд хоры нæмгуытæ, науæд ссад æмæ фых нæмгуытæ, гæнæн ис, сой, буд æмæ цæххимæ змæстæй. *Лев 2:1-16*

**Хуыцау**

Ацы дуне иугæнæг, фæрнджын, Æппæтхъомыс Сфæлдисæг æмæ Бардарæг.

Хуыцау æдзух ис ацы дунейы, æвдисы, йæ ныхмæ фæлæууæн кæмæн нæй, ахæм фæрнæйдзаг æмæ сæрибар бархъомыс.

Хуыцау æнхъæлмæ кæсы, адæймагæн æдзух цы хорзæхтæ дæтты, уыдонæн Ын уый уарзт æмæ лæггадæй дзуапп кæй ратдзæнис, уымæ. *Райд 1:1; 2:2; Фæл 6:4-5; Пс 53:6; Мк 10:6; Ин 1:1*

**Хуыцауы Паддзахад, Уæларвон Паддзахад**

Дзырд «паддзахад»-æн ис дыууæ сæйраг нысаниуæджы: «паддзахы бархъомыс» æмæ «паддзахы дæлбар зæхх». Библийы «Хуыцауы паддзахад», фыццаджыдæр, нысан кæны Хуыцауы æгæрон бар дунейыл. Ноджы æвдисы Хуыцауы æмæ, Хуыцауыл Æй чи нымайы, уыцы адæмы ахастытæ. Хуыцауы паддзахады кой кодтой суанг пехуымпартæ дæр. Иудейæгтæ æрцæуинаг Мессиамæ куыд Хуыцауæй æрвыст Паддзахмæ кæй æнхъæлмæ кастысты, уымæ гæсгæ Йæ мессиаг паддзахад дæр баст уыдис Хуыцауы Паддзахадимæ. Ахæм паддзахад кæй аралæудзæн, уый развæлгъау хъусын кодта Аргъауæг Иоанн. Йесо Чырысти уацамынд кодта, Йæ фæрцы адæммæ чи фæхæццæ ис, фæлæ бацæуæн æрмæст уды тыхкуысты фæрцы кæдæм ис, уыцы Хуыцауы Паддзахады тыххæй. Æххæстæй зæххыл Хуыцауы Паддзахад ныллæудзæнис заманты кæрон, Бардарæджы æрцыды фæстæ раздæры дуне фесæфдзæн. «Хуыцауы Паддзахад» – ацы дзырдбаст æмбæлы сæйрагдæр Ног Фæдзæхсты. Фæлæ евангелист Матфей «Хуыцауы Паддзахад»-ы бæсты арæх дзуры «Уæларвон Паддзахад», уымæн æмæ йæ Евангели арæзт у, фыццаджыдæр, Хуыцауы ном чи нæ дзырдта, уыцы иудейæгтæн. *Дан 7:13-14; Авад 1:21; Мих 4:7; Мт 3:2; 21:31; Мк 1:15; Лк 17:20-21; 2 Пет 1:11; 1 Кор 4:20; Эф 5:5; Æрг 11:15*

**Хуыцауы Уæрыкк**

Уæрыкк нывондæн хæссыны æгъдау зындгонд у рагзамантæй. Хуыцау Моисейы фæрцы израилæгтæн цы Æгъдау радта, уымæ гæсгæ сауджынтæ Аргъуаны æрвылрайсом æмæ æрвылизæр, стæй Куадзæны, бæрæгбæтты æмæ сæрмагонд цауты рæстæг Хуыцауæн нывондæн хастой уæрыкк. Нывонд уæрыччы туг Хуыцауы фидауын кодта адæмимæ, уыцы нывонды руаджы Хуыцау израилæгтæн барста сæ тæригъæдтæ. Аргъауæг Иуане Йесойы Хуыцауы Уæрыкк кæй хуыдта, уымæй развæлгъау дзырдта, Йесо æппæт дунейы сæрыл нывондæн хаст кæй æрцæудзæн, ууыл. *Райд 22:7; Рац 12:3-5; Ным 6:14; 28:3-27; 29:2,8-13; Ин 1:29; Æрг 5:5*

**Хуыцауы Фырт**

Рагон Фæдзæхсты хатгай «Хуыцауы фырттæ» фæхонынц, Хуыцау кæй сфæлдыста æмæ Йæ дæлбар чи у, уыцы монон гоймæгты (зæдты, удты). Уымæй уæлдай ма Хуыцауы фырттæ хуыйнынц Израилы адæм æмæ йæ иуæй-иу паддзæхтæ. Фæлæ Ног Фæдзæхсты автортæ «Хуыцауы Фыртыл» нымайынц Йесо Чырыстийы. Ацы ном æвдисы, Мессиа кæй у, стæй Фыд Хуыцауæй кæй рантыст æмæ Йын Йемæ комкоммæ æмæ цардæгас бастдзинад кæй ис, уый. Чырыстийыл æууæнддджытæ дæр Йæ фæрцы свæййынц Хуыцауы цот. *Райд 6:1-4; Фæл 32:5; 1 Азф 22:10; Пс 2:7; Йер 31:9; Иов 1:6; Мт 4:3; Мк 1:1; Ин 11:27; 2 Кор 1:19; Гал 3:26; Æрг 2:18*

**ъалонисæг**

Ног Фæдзæхсты заман хъалон æмбырдгæнæг уыди бынæттон цæрджытæй, Ромы къазнайæн хъалон æмбырд кодта Палестинæйы. Ромаг хицауад-иу провинциты хъалон исын хаццондарты бар бакодта, уыдон та йæ æмбырд кодтой хъалонисджыты фæрцы. Хаццондар хъуамæ ромаг къазнамæ хъалон фыстаид, рагацау-иу бадзырд куыд скодтой, афтæ, бæрæг бæрцæй. Хаццондартæ æмæ хъалонисджытæ тырныдтой сæхи схъæздыг кæнынмæ, цас æмбæлди, уымæй фылдæр хъалон æвæрдтой æмæ-иу, уæлдайæ цы баззад, уый сæхицæн ныууагътой. Уымæ гæсгæ хъалонисджытæ æнæуынон уыдысты æгас империйы адæмæн, дзуттæгтæ та ма сыл ноджы былысчъил дæр кодтой, муртаттаг ромæгты хицауадимæ æмгуыст кæй кодтой, уый тыххæй. Уымæ гæсгæ æмсæр уыдысты дзырдтæ «хъалонисæг» æмæ «тæригъæдджын». Фæлæ Йесо Йæхимæ иста хъалонисджыты дæр; сæ иу, Матфей, кæнæ йæ Лукайы Евангели куыд хоны – Левий, сси йæ ахуыргæнинаг. *Мт 5:46; 9:10; 10:3; 11:19; 21:31; Лк 5:27; 18:10-14; 19:1-10*

**Хъотыр**

Библийы афтæ хуыйны буары цавæрфæнды низ дæр, рагон дзуттаг дзырд «цараат» арæх тæлмац кæнынц куыд «хъотыр», фæлæ ацы дзырдæй хуыдтой буары бирæ низтæ. Рагон Фæдзæхсты домæнмæ гæсгæ ахæм низтæй чи садис, уыдон нымад уыдысты æнæсыгъдæгыл. Хъотырджынты нæ уагътой æхсæнадмæ, хъуыдис сæ иннæ адæмæй фæхицæн кæнын, цæмæй уыдоныл дæр сæ низ ма бахæцыдаид æмæ сæ бандзæвдæй ма фæчъизи уыдаиккой, уый тыххæй. Хъотырæй рынчынты адæмы æхсæнмæ уагътой, бынтон-иу куы сдзæбæх сты æмæ-иу уый сауджын куы сбæрæг кодта, æрмæстдæр уæд. *Лев 13:45-46; Ным 5:1-4; Лк 5:12-13*

**Цæстылуайæн**

Адæймаг фыны кæнæ экстазы рæстæг кæй фены, ахæм цавæрдæр ныв, фæзынд. Хатгай адæймаджы (фылдæр хатт уый вæййы пехуымпар) фæхъæуы, йæ фыны йын цы раргом ис, уый иннæтæм фæхæццæ кæнын. Рагон Фæдзæхсты Хуыцауæй ратгæ цæстылуайæнтæн сæ фылдæры кой ис пехуымпарты чиныджы. Ног Фæдзæхсты чингуыты Хуыцау цæстылуайæнты фæрцы дзуапп дæтты куывдтытæн, ныстуан дæтты апостолтæн æмæ ахуыргæнинæгтæн, раст фæндагыл сæ аразы æмæ сын уынаффæ кæны. *1 Пад 3:1-15; Авад 1:1; Хъуыд 7:55-56; 10:3-6,11-16; 16:9; 18:9; 22:17-21*

**Цъай, дзыхъхъ**

Къæвдайы дон кæнæ зæххы бынæй хъарæг дон æмбырд кæнынæн бæрцуат. Дон æмбырд кæнынæн-иу зæххы стыр дзыхъхъ скъахтой æмæ йын-иу йæ фæрстыл дуртæ самадтой кæнæ-иу æй байсæрстой, гъе та-иу къæдзæх байгæрстой. Ахæм цъайæн-иу скодтой нарæг ком æмæ-иу ын йæ сæр сæхгæдтой. Уæлæнгай цъайтæй дон истой дурынтæй, арфдæртæй та – къæртатæй. Цæмæй цъайы цъыф кæнæ цæрæгойтæ ма ныххаудаиккой, уый тыххæй йæ æхгæдтой дурын къæйæ; къæйы уыдис чысыл хъуыкъ дон исынæн (уый дæр æмбæрзтой дурæй). Къæвдадон, цъайы донимæ абаргæйæ, æвзæрдæр уыдис. *Рац 21:33; Лев 11:36; Фæл 6:11; Йер 2:13; Лк 14:5; Ин 4:11*

**Чиныгзонæг**

Æгъдауы (Торæйы) текст кæм ис, уыдон æмæ-иу Библийы иннæ чингуытæ чи рафыста æмæ æмбарын кодта, уыцы адæймаг. Иудейы Ездрæйы заманæй фæстæмæ чиныгзонджытæ бацахстой зынгæ бынат. Йесо Чырыстийы заман сын адæм стыр кад кодтой куыд Сыгъдæг Фыст зонджытæн æмæ йæ æмбарынгæнджытæн. Чиныгзонджытæй Йæ ахуыргæнинæгтæ чи сси, уыдонæй Йесо Чырысти дзырдта, зæгъгæ, «ног æмæ зæронд» хæзнаты хицау сты. Фæлæ сын арæх уайдзæф дæр кодта, Æгъдау куыд æмбарынц æмæ уæлæнгай кæй лæггад кæнынц, æхцауарзаг æмæ дыдзæсгом кæй сты, уыдæтты тыххæй. *Езр 7:6; Мт 5:20; 13:52; 23:13-36*

**Чырыстон**

Чырыстийы фæдыл цæуæг, йæ ахуыргæнинаг, Ирвæзынгæнæгыл Æй чи нымайы æмæ Йæ амындмæ гæсгæ цæрыныл чи архайы, ахæм адæймаг. Чырыстийы ахуыргæнинæгтæ «чырыстон» номæй фыццагдæр схуыдтой Сириаг Антиохы. Кæд Ног Фæдзæхсты ацы дзырд æрмæст æртæ хатты æмбæлы, уæддæр дзы тагъд рæстæджы пайда кæнын райдыдтой алы ран дæр. *Хъуыд 11:26; 26:28; 1 Пет 4:16*

**Эфес**

Лидийы рагон стыр сахар, Чысыл Азийы ныгуылæн былгæрон. Фыццаг Эфес уыдис бердзенаг сахар, ромæгты паддзахиуæгады заман та сси Азийы, æппæты хъæздыгдæр ромаг провинцийы, сæйраг сахар. Эфес уыдис Ромаг империйы культурон, политикон æмæ экономикон центртæй иу, ам уыдис Артемидæйы кувæндон – ргазаманты авд диссагæй иу. Сахары цæрджытæн сæ фылдæр уыдысты бердзенæгтæ æмæ, Чысыл Азийы иннæ адæмты минæвæрттæй дæр бердзенаг чи сси, уыдон, фæлæ дзы дзæвгар уыдис Чырыстийыл бауууæндæг иудейæгтæ дæр. Абон Эфес хауы Турчы паддзахадмæ. *Хъуыд 18:19-21; 19:28; Эф 1:1; Æрг 1:11*

# KAPTÆTÆ

## Рагон дуне


Рагон дуне
Сау денджыз
Хъаспийы денджыз
Эгейы денджыз
Зæххастæуы денджыз
ХЕТТЫ ИМПЕРИ
ХОРÆГТÆ
АССИРИ
Цæугæдон Тигр
Ниневи
Ассири
Аран
Алеппо
Угарит
Хамат
КИПР
Мари
Евфраты цæугæдон
АРАМ НА ВАВИЛОН
АРАМ НА ХАРАИМ
Екбатан
Гевал
СИРИ
Сидон
Тир
Дор
ХАНААН
Дамаск
Хацор
Йерусалим
Шехем
Газæ
Хеврон
Беер-Шевæ
Вавилон
Шушан
ШУМЕР
Ур
ЛИВИ
МЫСЫР
МИДИАН
АРАВИЙЫ ÆДЗÆРÆГ БЫДЫР
Персы донбакæлæн
Нилы цæугæдон
Сырх денджыз
Авраамы балц
Империтæ 1350-æм азмæ хæстæг н. д. а.
Мысыр
Хетты импери
Вавилоны импери
0
125
250
500
Километртæ


Мысыр æмæ Синай
Ацæуæн фæндæгтæй иу
Альтернативон маршруттæ
Донбыл фæндаг Филистимы зæхмæ
Зæххастæуы денджыз
НИЛЫ ДОНÆФТÆН
ХАНААН
Иорданы цæугæдон
АММОН
Йерихон
Хешбон
Невойы хох
Газæ
Мард денджыз
ÆДЗÆРÆГ БЫДЫР ЦИН
МОАВ
НЕГЕВ
ЕДОМ
Рамсес
Цоан
ГОШЕН
Суккот
Питом
Кадеш-Барнеа
Фунон
ШУРЫ ÆДЗÆРÆГ БЫДЫР
ÆДЗÆРÆГ БЫДЫР ПАРАН
Хæххон цæдтæ
Хуры кувæндон
Ноф (Мемфис)
Иотвата
Мара
ЦИНЫ ÆДЗÆРÆГ БЫДЫР
Ецион-Гевер
МЫСЫР
Нилы цæугæдон
Елим
СИНАЙЫ ÆРДÆГСАКЪАДАХ
Хацерот
МИДИАН
Сырх денджыз
Акабы донбакæлæн
Синайы хох
0
50
100
150
200
Километртæ


Мыггæгты байуæрст
Сидон
Дамаск
Ермоны хох
Тир
Дан
ДАН
АСИР
НЕФФАЛИМ
Хацор
Акко
Галилейы цад
ЗЕВУЛОН
Фаворы хох
Мегиддо
ИССАХАР
СКÆСÆЙНАГ МЕНАССИА
Иорданы цæугæдон
Зæххастæуы денджыз
МЕНАССИА
Эвалы хох
Шехем
Геризимы хох
ГАД
Силом
ЕФРЕМ
Равва
ДАН
Ситтим
БЕНИАМИН
Йерусалим
Невойы хох
Мард денджыз
РУВИМ
ИУДÆ
Хеврон
Дивон
МОАВ
Беер-Шевæ
Кир-Херес
СИМЕОН
ЕДОМ
Фунон
0
20
40
60
80
100
Километртæ



Саулы, Давиды æмæ Соломоны паддзахæдтæ
Саулы паддзахад
Давиды паддзахад
Соломоны паддзахад
0
50
100
150
Километртæ
Зæххастæуы денджыз
Евфраты цæугæдон
Тирца
Хамат
Тадмор
Финики
Дамаск
Сидон
Тир
Дан
Хацор
Дор
Мегиддо
Галаадаг Рамот
Шехем
Яффо
Равва
Йерусалим
Ашдод
Медева
Вифлеем
Газæ
Филистим
Хеврон
Моав
Мард денджыз
Беер-Шевæ
Едом
Кадеш-Барнеа
Елат
Ецион-Гевер
Сырх денджыз


Израил æмæ Иудейы паддзахæдтæ
Израил
Иудей
Сидон
Дамаск
Дан
Тир
Финики
Сири
Хацор
Галилейы денджыз
Дор
Бет-Шан
Мегиддо
ИЗРАИЛ
Галаадаг Рамот
Иорданы цæугæдон
Зæххастæуы денджыз
Самари
Шехем
Яффо
Аммон
Силом
Вефил
Равва
Йерихон
Филистим
Ашдод
Йерусалим
Гат
Ашкелон
Вифлеем
Газæ
Хеврон
Мард денджыз
Дивон
Моав
ИУДЕЙ
Беер-Шевæ
Кир-Харесет
Тамар
Едом
Боцра
Кадеш-Барнеа
0
20
40
60
80
100
Километртæ


Ассирийы импери
Хъаспийы денджыз
МИДИ
ПЕРС
АССИРИ
ЕЛАМ
Ниневи
Ассири
Екбатан
Шушан
Каркемиш
Вавилон
Цæугæдон Тигр
Евфраты цæугæдон
Ривла
Дамаск
Самари
Йерусалим
Зæххастæуы денджыз
АРАВИЙЫ ÆДЗÆРÆГ БЫДЫР
Цоан
Ноф (Мемфис)
МЫСЫР
Елат
Нилы цæугæдон
Сырх денджыз
Персы донбакæлæн
0
200
400
600
Километртæ


Вавилоны,
Персы æмæ
Бердзены
империтæ
Сау денджыз
Хъаспийы денджыз
МАКЕДОНИ
БЕРДЗЕН
Афинæтæ
Сардис
ЛИДИ
КЪАННÆГ АСИ
Эгейы денджыз
Зæххастæуы денджыз
Каркемиш
Антиохи
Ривла
Дамаск
Самари
Йерусалим
Мард денджыз
Александриа
Ноф
(Мемфис)
МЫСЫР
Ной
Нилы цæугæдон
Сырх денджыз
Евфраты цæугæдон
Цæугæдон Тигр
Вавилон
Шушан
Екбатан
ПАРФИ
Персеполис
Персы донбакæлæн
Вавилоны импери (550-æм азмæ хæстæг н. д. а.)
Персы импери (450 азмæ хæстæг н. д. а.)
Алыксандры импери (323-æм азмæ хæстæг н. д. а.)
0
200
400
600
800
1000
Километртæ


Палестинæ
2-æм æнусы н. д. а.
Иудей, 166 аз н. д. а.
Тыхæй ист зæххытæ Йонатаны заман (160–142 азтæ н. д. а.)
Тыхæй ист зæххытæ Симоны заман (142–134 азтæ н. д. а.)
Тыхæй ист зæххытæ Иоанн Гирканы заман (134–104 азтæ н. д. а.)
Тыхæй ист зæххытæ Аристобулы заман (104–103 азтæ н. д. а.)
Алыксандр Янней тыхæй кæй байста, уыцы зæххытæ (103–76 азтæ н. д. а.)
Сидон
Финики
Дамаск
Ермоны хох
Тир
Рафана
Селевки
Птолемаидæ
Карнаим
Галилейы цад
Сепфорис
Кармелы хох
Мали
Филотери
Гадарæ
Дор
Зæххастæуы денджыз
Иорданы цæугæдон
Скифополь
САМАРИ
Самари
Аматус
Шехем
Аполлони
Геризимы хох
Яффо
Филадельфи
Модин
ПЕРЕЙÆ
ИУДЕЙ
Йерихон
Самага
Йерусалим
Медева
Ашкелон
Бет-Захариас
Мард денджыз
Газæ
Хеврон
Рафиа
Элуса
Цоар
ИДУМЕЙ
0
20
40
60
80
100
Километртæ
НАБАТЕА


Ромы импери
Импери Чырыстийы заман
Импери апостолты заман
ИСПАНИ
ГАЛЛИА
ДАЛМАТИ (ИЛЛИРИК)
ИТАЛИ
Ром
Мессана
СИЦИЛИ
Сиракузтæ
Карфаген
МАВРИТАНИ
АФРИКÆ
Зæххастæуы денджыз
Киренæ
ФРАКИ
МАКЕДОНИ
БЕРДЗЕН
Афинæтæ
Коринф
КРИТ
Византи
Сау денджыз
ВИФИНИ
КЪАННÆГ АСИ
ГАЛАТИ
ЛИКИ
Эфес
Тарс
ПОНТ
Тигры цæугæдон
Евфраты цæугæдон
Антиохи
КИПР
Паф
СИРИ
Тадмор
Дамаск
Тир
Кесари
ИУДÆ
Йерусалим
АРАВИ
Александриа
Ноф (Мемфис)
МЫСЫР
Нилы цæугæдон
Сырх денджыз
0 200 400 600 800 1000
Километртæ

# Палестинæйы рельефон картæ





Палестинæ Йесо Чырыстийы заман
Филипп
(4-æм аз н. д. а. – н. д. 34-æм аз)
Ирод Антипæ
(4-æм аз н. д. а. – н. д. 39-æм аз)
Понтий Пилат
(н. д. 26–36-æм азтæ)
Дæссахар
Сидон
Сарептæ
Тир
ФИНИКИ
Дамаск
Ермоны хох
Филиппы Кесари
ГАУЛАНИТ
ТРАХОНИТ
Птолемаидæ
Капернаум
Вифсаидæ
Канæ
Галилейы денджыз
ГАЛИЛЕЙ
Тивериадæ
Кармелы хох
Назарет
Гадарæ
Дор
Скифополь
ДÆССАХАР
Кесари
Зæххастæуы денджыз
Герасин
Самари
Сихар
Геризимы хох
Йорданы цæугæдон
САМАРИ
ПЕРЕЙÆ
Яффо
Аримафей
Филадельфи
Джамни
Эммаус
Йерихон
Кумран
Йерусалим
Ашдод (Азот)
Медева
Ашкелон
Вифлеем
ИУДЕЙ
Махаерус
Газæ
Хеврон
Мард денджыз
Масада
Рафиа
Беер-Шевæ
0
20
40
60
80
100
Километртæ
НАБАТЕА


Павелы
1-аг миссионерон
балц
Писидиаг
сахар
Антиохи
Икони
Листрæ
Дерви
Тарс
КАППАДОКИ
Аттали
Перги
Антиохи
СИРИ
КИПАРИС
Саламин
Паф
КРИТ
Зæххастæуы денджыз
Йерусалим
0
100
200
300
400
500
Километртæ


МАКЕДОНИ
Филипптæ
Амфипол
Неаполь
Фессалоникæ
Берейа
Троадæ
Аполлони
АСИ
ГАЛАТИ
КАППАДОКИ
Писидиаг сахар Антиохи
Икони
АХАЙ
Афинæтæ
Эфес
Листрæ
Тарс
Коринф
Дерви
Перги
КИЛИКИ
Антиохи
СИРИ
ЛИКИ
Родос
Саламин
Паф
КИПАРИС
КРИТ
Павелы
2-аг миссионерон
балц
Зæххастæуы денджыз
0
100
200
300
400
500
Километртæ
Кесари
Йерусалим


Павелы 3-аг миссионерон балц
МАКЕДОНИ
Амфипол
Филиппты
Аполлони
Неаполь
Фессалоникæ
Берейа
Троадæ
Асс
АСИ
Пергам
Митилен
Писидиаг сахар Антиохи
ГАЛАТИ
КАППАДОКИ
Смирнæ
Эфес
Икони
АХАЙ
ХИОС
Листрæ
Дерви
Тарс
Афинæтæ
Коринф
Милет
САМОС
Перги
ЛИКИ
КИЛИКИ
Антиохи
СИРИ
Кос
Патарæ
Родос
Саламин
КИПАРИС
Паф
КРИТ
Тир
Птолемаидæ
Кесари
ИУДÆ
Йерусалим
Зæххастæуы денджыз
0 100 200 300 400 500
Километртæ


ИТАЛИ
Ром
Æртæ уазæгдзæрæны
Аппиусы базар
Путеол
Адрамит
Антиохи
Тарс
СИРИ
Реги
СИЦИЛИ
Сиракузтæ
Книд
ЛИКИ
ПАМФИЛИ
Мира
РОДОС
МАЛЬТÆ
Феникс
КРИТ
Салмоны сынæг
КИПАРИС
Сидон
Æдас наулæууæнтæ
Ласе
КЛАВДИА
Кесари
Йерусалим
Зæххастæуы денджыз
Павелы балц Роммæ
Александриа
МЫСЫР
0 200 400 600 800 1000
Километртæ


Йерусалим Рагон Фæдзæхсты заман
Давиды сахар
Соломоны сис
Æндæр паддзæхтæ кæй сарæзтой, уыцы сис
Хананелы мæсыг
Ныводхæссæн
Кувæндон
Галуан
КЕДРОНЫ ТÆРФ
УÆЛЛАГ САХАР
НОГ САХАР
АСТÆУККАГ ДÆЛВÆЗ
Гихоны донгуыræн
ДАВИДЫ САХАР
Силоамы цад
ХИННОМЫ ДÆЛВÆЗ
Энрогелы донгуыræн
0
100
200
300
Метртæ


Йерусалим Чырыстийы заман
Дамаск
Вифсафайы цад
Кесари
Йерихон
Антонийы фидар
Израилы цад
Агриппæ Фыццаджы арæзт систæ
Гефсимани
Яффо
Голгофæ
Кувæндон
Вифани
Мæсгуыты цад
Паддзахы галуан
Елеоны хох
Ирод Антипæйы галуан
Стыр Ироды галуан
Тиропоеоны дæлвæз
Иродианы уынг
Кедроны тæрф
Каиафæйы хæдзар
Цад
Уæллаг уаты традицион бынат
Акведук
Хинномы дæлвæз
Силоамы цад
0
100
200
300
Километртæ
Вифлеем, Хеврон æмæ Газæ
Мард денджыз

# Езекиелы кувæндоны пълан

Ацы диаграммæтæн сæ бындуры ис Езекиелы цæстылуайæн (40–41 сæртæ). Уыдоны æвдыст нæ цæуы нæдæр Соломоны кувæндон, нæдæр дыккаг, хасты фæстæ арæзт чи æрцыд, уыцы кувæндон.




**Кувæндоны иумæйаг пълан**

1. Æддаг къул (40.5; 42, 15–20)
2. Скæсæйнаг кулдуар (40, 5–6)
3. Цæгатварс кулдуар (40.20–23)
4. Хуссарварс кулдуар (40.24–27)
5. Æддаг кæрт (40.17)
6. Тротуар (40.17–18)
7. Мидæггаг кæрт (40.28)
8. Хуссарварс кулдуар мидæггаг кæртмæ (40.28–31)
9. Скæсæйнаг кулдуар – мидæггаг кæрты ’рдæм (40, 32–34)
10. Кæрты цæгатварс мидæггаг кулдуар (40.35–37)
11. Нывондаг фосы кæм æхсадтой, уыцы агъуыст (40.38)
12. Сауджынты уат (40.44–46)
13. Кувæндон (кæс иннæ схемæмæ)
14. Ныгуылæйнаг бæстыхай (41.12)
15. Цæгатварс уæттæ (42.1–10)
16. Хуссарварс уæттæ (42.10–11)
17. Чысыл кæртытæ – къæбицтæ (46.21–22)
18. Нывондхæссæн (40.47; 43.13-17)




**Кувæндоны фæзахст (40.48 – 41.15)**

1. Къахдзæфтæ (40.49)
2. Цæджындзтæ (40.49)
3. Бацæуæн хатæны дуары тарвæзтæ (40. 48)
4. Бацæуæн, вестибюль (40, 49)
5. Дуары тарвæзтæ (41.1)
6. Уаз бынат (41.2)
7. Дуары тарвæзтæ (41.3)
8. Иууылуаз бынат (41, 4)
9. Æддаг къул (41.5)
10. Фæрссаг уæттæ (41.5)
11. Фæрссаг уæтты æддаг къул (41.9)
12. Гом тыгъдад (41.9)
13. Сис (41.9)
14. Ныгуылæйнаг бæстыхай (41.12)
15. Мидæггаг æхгæд кæрт (41.12)
16. Æхгæд кæрты мидæггаг хай, скæсæнæрдæм арæзт (41.14)

*Религиозное издание*

БИБЛИЯ

книги Священного Писания
Ветхий Завет и Новый Завет

*на осетинском языке*

*Религиозная организация*

Российское Библейское Общество
115054 Москва, ул. Валовая, д. 8, стр. 1
тел.: +7(495)940-55-90; факс: +7(495)951-60-07
*info@biblia.ru*

Информация о новых изданиях и проектах РБО
*www.biblia.ru*

Вы можете заказать издания РБО,
отправив письмо по адресу
*zakaz@biblia.ru*

Подписано в печать 25.07.2022. Формат 165×235 мм.
Бумага офсетная. Печать цифровая. Заказ №4978. Тираж 1200 экз.
Отпечатано в филиале «Чеховский Печатный Двор»
АО «Первая Образцовая типография». 142300 Московская область,
г. Чехов, ул. Полиграфистов, д. 1; тел.: 8(499)270-73-73
www. chpd.ru · sales@chpd.ru